КIиабилеб жилд

# Хирияб Къуръан

## Ва гьелъул таржама ва тафсир

## МагIарул мацIалда

Гьаб жив Аллагьасе гIоло бутеб вакъфу буго
кIиябго хIарамалъе хъулухъ гьабулев
хан ГIабдулгIазизил вас
ГIабдуллагьидасан
бичизе бегьуларо

# القرآن الكريم

وترجمة معانيه وتفسيره
إلى اللغة الأوارية

وقف لله تعالى من خادم الحرمين الشريفين
الملك عبد الله بن عبد العزيز آل سعود
ولا يجوز بيعه

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ

إِنَّهُ لَقُرْآنٌ كَرِيمٌ فِي كِتَابٍ مَكْنُونٍ لَا يَمَسُّهُ إِلَّا الْمُطَهَّرُونَ تَنْزِيلٌ مِنْ رَبِّ الْعَالَمِينَ

**Гьаб хирияб Къуръан ва гьелъул таржама ва тафсир зарбоялда бахъеян амру гьабуна кIиябго хIарамалъе хъулухъ гьабулев хаи ГIабдулгIазизил вас ГIабдуллагьица СагIудиял гIарабиязул пачалихъалъул ханлъун жив вугев**

تشرف بالأمر بطباعة هذا المصحف الشريف وترجمة معانيه
خادم الحرمين الشريفين الملك عبدالله بن عبدالعزيز آل سعود
ملك المملكة العربية السعودية

وَقفٌ لله تعالى من خادم الحرمين الشريفين
الملك عبد الله بن عبد العزيز آل سعود
ولا يجوز بيعه

# القرآن الكريم

## وترجمة معانيه وتفسيره
## إلى اللغة الأوارية

المجلد الأول

مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف

**Гьаб жив Аллагьасе гӀоло бутеб вакъфу буто кӀиябго хӀарамалъе хъулухъ гьабулев хан ГӀабдулгӀазизил вас ГӀабдуллагьидасан бичизе бегьуларо**

# Хирияб Къуръан

## Ва гьелъул таржама ва тафсир

# МагӀарул мацӀалда

**ГӀюцебесеб жилд**

**Фагьд ханасул Къуръанал зарбоялде рахъунеб мужаммагӀ**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

# مقدمة

**بقلم معالي الشيخ: صالح بن عبدالعزيز بن محمد آل الشيخ**
**وزير الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد**
**المشرف العام على المجمع**

الحمد لله رب العالمين، القائل في كتابه الكريم:
﴿... قَدْ جَاءَكُم مِّنَ اللَّهِ نُورٌ وَكِتَابٌ مُّبِينٌ﴾.
والصلاة والسلام على أشرف الأنبياء والمرسلين، نبينا محمد، القائل:
«**خيركم من تعلَّم القرآن وعلَّمه**».

أما بعد:

فإنفاذاً لتوجيهات خادم الحرمين الشريفين، الملك عبدالله بن عبدالعزيز آل سعود، -حفظه الله-، بالعناية بكتاب الله، والعمل على تيسير نشره، وتوزيعه بين المسلمين، في مشارق الأرض ومغاربها، وتفسيره، وترجمة معانيه إلى مختلف لغات العالم.

وإيماناً من وزارة الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد بالمملكة العربية السعودية بأهمية ترجمة معاني القرآن الكريم إلى جميع لغات العالم المهمة تسهيلاً لفهمه على المسلمين الناطقين بغير العربية، وتحقيقاً للبلاغ المأمور به في قوله ﷺ: «**بلِّغوا عني ولو آية**».

وخدمةً لإخواننا الناطقين باللغة الأوارية يطيب لمجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف بالمدينة المنورة أن يقدم للقارئ الكريم ترجمة معاني القرآن الكريم وتفسيره إلى هذه اللغة التي قام بها الشيخ عبدالرحيم بن محمد،

وراجعها من قبل المجمع الشيخ عباس بن أمير حمزة، والشيخ شامل غائر بيكوف.

ونحمد الله سبحانه وتعالى أن وفق لإنجاز هذا العمل العظيم الذي نرجو أن يكون خالصاً لوجهه الكريم، وأن ينفع به الناس.

إننا لندرك أن ترجمة معاني القرآن الكريم -مهما بلغت دقتها- ستكون قاصرة عن أداء المعاني العظيمة التي يدل عليها النص القرآني المعجز، وأن المعاني التي تؤديها الترجمة إنما هي حصيلة ما بلغه علم المترجم في فهم كتاب الله الكريم، وأنه يعتريها ما يعتري عمل البشر كلَّه من خطأ ونقص.

ومن ثم نرجو من كل قارئ لهذه الترجمة أن يوافي مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف بالمدينة النبوية بما قد يجده فيها من خطأ أو نقص أو زيادة للإفادة من الاستدراكات في الطبعات القادمة إن شاء الله.

والله الموفق، وهو الهادي إلى سواء السبيل، اللهم تقبل منا إنك أنت السميع العليم.

## Цебе рагIи

ХIурматияв щайх СсалихI, ГIабдулгIазизил вас, МухIамад Али-шайхил васас хъвараб, Исламиял ишазул, вакъфуялъул ва дагIватгун тIуритIиялъул вазирлъун жив вугев, Мадинаялда бугеб Къуръанал къватIир риччалеб мужамагIалъул бетIерлъунги жив вугев.

Кинабго рец Аллагьасе буго, тIолго гIаламалъул бетIергьанлъун жив вугев, жиндир хирияб Къуръаналда жаниб жинцаги абулев: (хIакълъунго нужехъе Аллагьасул рахъалъан бачIана нур, (канлъи) ва жиб баянаб тIехь).

Аллагьасул цIоб ва рахIмат лъеги аварагзабазул ва мурсалиназул бищунго хирияв нилъер авараг МухIамадида, жинцаги абурав: *«Нужер бищунго лъикIав вуго жинца Къуръан лъазабурав ва жинца гьеб цогидаздаги лъазабурав»*– абун.

Гьалда хадуб:

Хирияб кIиябго хIарамалъе (Макка ва Мадина) жинца хъулухъ гьбулев, Аллагьас жив цIунаяв, СагIудиязул хан ГIабдуллагь, ГIабдулгIазизил вас Ал-сагIудил бихьизаби (нух малъи) тIубазабун: Аллагьасул тIехьалъул кIвар гьабе, гьеб тIибитIиялъе бигьалъи гьабе, машрикъ магърибалда ругел киналго бусурбабазе гьеб бикье, гьелъие тафсир гьабе ва гьелъул магIнабазе батIи батIиял мацIазда таржамаги гьабе -ян абураб.

СагIудиязул гIарабиязул пачалихъалъул Исламиял ишазул, вакъфуялъул ва дагIватгун тIуритIиялъул визараталъ гьабураб ишараги тIубазабун: хирияб Къуръаналъул магIнаби киналго мацIазда таржама гьариялъул бугеб кIудияб кIвар букIин, гьеб Къуръан гIараб мацI лъаларел бусурбабазе бичIи бигьалъизе. Хирияв аварагасул амруги тIубазабун: *«Нужеца дир рахъалъан умматалъухъе щвезабе цохIо аят бугониги»* - абураб.

МагIарул мацIалда кIалъалел нилъер вацалазе хъулухъ гьабун Мадина шагьаралда бугеб Ал-малик Фагьдил

Къуръанал къватIир риччалеб мужамагIалъе лъикIаблъун бихьана хIурматияв Къуръан цIалулесе гьаб магIарул мацIалда бугеб таржама къватIиб биччазе. Гьеб хIадур гьабуна **ащейх ГIабдуррахIим МухIаммадил васас.** МужамагIалъул рахъалъан гьелъул хал гьабуна ащейх ГIаббас АмирхIамзал васас ва ащейх Шамил Гъаирбековас.

ТIадегIанав ва Жив вацIадав Аллагьасе рецц гьабулеб буго жинца гьаб кIудияб иш тIубазе квер бакъарав. Нижер хьулги буго гьаб гIамал цохIо Аллагь разилъиялъе сабаблъун букIина абун ва гьелдалъу гIадамазе мунфагIатги букIина абун.

Нижеда лъала хирияб Къуръаналъул магIнабазул таржама, кигIанго лъикI гьабун бугониги, гьеб букIуна жинда тIубанго Къуръаналъул кIудиял магIнаби рагьизе кIолореблъун. Гьеб Къуръаналъул рагIаби ругелъул жинца инсан гIажиз гьавулеб мугIжизатлъун.

Таржамаялъ жидеда тIоритIел гьабулел магIнаби рукIуна гьеб таржама гьабурасул Аллагьасул хирияб тIехь лъаялъул гIелму щвараб къадаралда. Гьеб таржамялда тIадги бачIуна кинабго инсанасул гIамалалда тIаде бачIунеб хатIаъ ва нукъсанлъи.

Гьедин бугелъул, нижер хьул буго гьаб таржама цIаларас Мадина шагьаралда бугеб Ал-малик Фагьдил Къуръанал къватIир риччалеб мужамагIалде щвезабила абун гьелда жаниб жиндие батараб хатIаъ ва нукъсанлъи. ИншаАллагьу, нижеца хадусеб нухалъ таржама къватIиб бичалеб мехалъ гьездасан мунфагIат босила.

Аллагь вуго жинца тавфикъ гьабулев. Гьев вуго жинца битIараб нухалда тIоритIулевги.

Я нижер Аллагь! Дуца гьаб нижер гIамал къабул гьабе, мун вуго кинабго жо дуда рагIулев ва лъалев.

بسم الله الرحمن الرحيم

## Хириял магIарулал!

Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв МухIаммад ﷺ аварагасда рештIизабураб ва церехун рукIарал киналго шаригIаталги хвезарун, тIолго халкъалъе гIаммаблъун гьабураб исламияб диналъул аслу- Къуръан.

ТIадегIанав Аллагьасул калам жиндир рагIаби дагьаб амма магIна гIамераб ва гъваридаб букIиналъе гIоло, щибаб рагIиялъул магIна гьабун тани гьеб кинавго чиясда бичIуларо.

Хирияв Аварагасул ﷺ асхIабзабазул رضي الله عنه заманаялдасан байбихьун жакъа къоялде щвезегIан гIалимзаби гьеб Къуръан баян гьабиялда тIад хIалтIулел руго ва жеги хIалтIизеги руго. Щибаб заманаялъ щивав гIалимасда батулеб буго Къуръаналда жаниб жинда тIад хIалтIизе бегьулеб ва жиб халкъалъе баян гьабизе бегьулеб бакI.

МагIарул мацIалда кIалъалел бусурбабазе Аллагьасул جل جلاله каламалъул дагьабниги магIна лъазе бокьун ва гьезие диналъе квербакъи букIизе бокьун, магIарул мацIалде буссине гьабун Къуръаналъул магIна тафсиргун цадахъ басмаялда (печаталда) бахъулеб буго.

Гьаб хIалтIиялъе жидедаса квербакъи тIалаб гьабурал ва мунпагIат босарал тIахьал руго: «А-тIабари», «Ал-кащаф», «Ал-алуси», «Ибнукасир», «Жалалайни», «Сафвату тафасир», «АвзахIу тафасир», «Зубдату тафасир». Гьел руго лъикIал гIалимзабаз данде гьарурал ва дир квер жидеда гIунтIарал тафсирал.

Гьаб таржамаялда жанир шаргIиял масъалаби рицун руго имам ШафигIил мазгьабалда рекъон, Дагъистаналъул гIемерисел бусурбаби гьеб мазгьабалда ругьунал рукIиналъе гIоло.

Гьаб тафсир ва таржама цIалулаго гьелда гIайиб чIвазеги хехлъуге. ГIемерисеб жоялъе накъло (босараб бакI) бицун буго, накъло бицичIого тарабги шаргIалда рекъон бицараб буго. ХIал кIвараб яхI бахъун, битIараб магIна букIизе бокьун гьабураб хIалтIи буго. Ва амма инсанасул гъалатI камиларо. Гьеб гъалатI бокьун гьабураб гьечIони Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тIаса лъугьула.

Гьаб хIалтIиялда жаниб бугеб кинабниги битIараб, лъикIаб, мунпагIат бугеб жо Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIму буго ва гьелда даимго щукро гьабизе тIадав дунги вуго. Гьалда жаниб ккараб жагъаллъи ва гъалатI дир напсалъул рахъалъан буго ва гьеб гъалатIалдаса тIаса лъугьин дицаги гьарулеб буго.

ТIадегIанав Аллагьасде гьариги буго гьаб таржама данде гьабурал, гьелда тIад хIалтIарал, гьеб басмаялда бахъаразул мунагьал чуре абун ва гьезие ахираталъе хазиналъунги гьабе абун.

Гьединго Аллагьасда гьари буго гьаб таржама жиб цIалараз гьезул иман, дин камиллъиялъе сабаблъун ккезабе абун.

Кинабго тавпикъ ва квербакъи цохIо ТIадегIанав Аллагьасул буго.

# Хирияб Къуръаналъул магIнаялъе таржама гьабиялде ццебе лъолеб баян

Хирияб Къуръан буго ТIадегIанав Аллагьасул калам, жиндир хIурупалгун ва магIнагун цадахъ жиндир расуласде ﷺ рещтIинабураб: кинабго гIаламалъе рахIматлъун, алжаналдалъун роххел бицунеб, жужахIалдалъун хIинкъиги кьолеб, Аллагьасул изнуялдалъун гьесул диналде жинца ахIулеб, жинца нур базабулеб чирахълъунги жиб бугеб. Гьеб Къуръан баян гьабулеб къокъабго калам буго гьаб:

## Хирияб Къуръан щиб жояли бицунеб гIамаб баян

**ТIоцебесеб:** хирияб Къуръаналъул ва гьелъул цIаразул ва сифатазул баян.

<u>Хирияб Къуръан буго:</u> ТIадегIанав Аллагьасул калам, жиндир расул МухIаммадиде ﷺ рещтIинабураб, жиндир рагIабаздалъун ва магIнаялдалъун гьесде вахIюги гьабураб, жиб кагъаталдеги хъвараб, машгьурго цояз цогидазде бицун жиб цебесан цебеги кьолеб, жиб цIали гIибадатлъунги бугеб.

ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир расуласде рещтIинабураб ВахIюялда Къуръан абун цIар лъурав. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْقُرْآنَ تَنزِيلًا﴾

**ХIакълъунго Дица рещтIинабуна дуде Къуръан дагь-дагь ккун.** [Суратул Инсан. 23 аят] Гьеб цIар лъеялъе гIилаги буго Къуръан букIин жиб цIалулеб ва жиб кIочон толареб.

Гьединго Аллагьас ВахIюялда цIар лъуна ТIехь абунги:

﴿إِنَّا أَنزَلْنَا إِلَيْكَ الْكِتَابَ بِالْحَقِّ﴾

**ХIакълъунго дица дуде ТIехь рещтIинабуна хIакъаб жоялдалъун.** [Сурату Ннисаъ. 105 аят] Гьеб цIар лъеялъе гIилаги буго Къуръан букIин жиб хъвалеб ва жиб рехун толареб.

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъе сипаталги

гьаруна фуркъан абун (жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб), зикрун абунги (рехсей, вагIза-насихIат), гьудан абунги (жинца тIоритIулеб), нур абунги, шифаъ абунги (жинца сах гьарулеб), хIаким абунги, вагIза абунги; гьал гурел цогидалги сифатал гьаруна хирияб Къуръаналъул къадро кIодолъиялде ва гьеб камилаб рисалат букIиналдаги тIоритIел гьабулел.

«МусхIаф» абураб рагIи босана (къуръаналде гьеб цIарги абула) жинда тIад хирияб Къуръан хъварал кагътазда асхIабзабаз абулеб букIараб цIаралдаса.

Хирияб Къуръан Аллагьасул вахIю буго жиб босун Жабраил рещтIараб عليه السلام МухIаммад ﷺ аварагасул ракIалде. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿وَإِنَّهُۥ لَتَنزِيلُ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ❋ نَزَلَ بِهِ ٱلرُّوحُ ٱلْأَمِينُ ❋ عَلَىٰ قَلْبِكَ لِتَكُونَ مِنَ ٱلْمُنذِرِينَ ❋ بِلِسَانٍ عَرَبِيٍّ مُّبِينٍ﴾

**ХIакълъунго гьеб Къуръан гIаламалъулго БетIергьанас рещтIинабураб буго, жиб босун жинда божи бугев Жабраил дур ракIалде рещтIараб, мун гIадамазе хIинкъи кьолевлъун вукIине, баянаб гIараб мацIалдалъун.** [Сурату ЩугIараъ. 192-195 аятал].

МухIаммад авараг ﷺ гьаб ишалъе цIияв чи гьечIо. Киналго аварагзабада Жабраил малаик рещтIунев вукIана Аллагьасул ВахIю босун. Гьаб кIудияб божилъи тIубазе Жив ВацIадав Аллагьас жиндие бокьарав тIаса вищула. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿ٱللَّهُ يَصْطَفِى مِنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ ٱلنَّاسِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌۢ بَصِيرٌ﴾

**Аллагьас тIаса вищула малаиказдаса ва гIадамаздаса расулал. ХIакълъунго Аллагь жинда бихьулев ва жинда лъалев вуго.** [Суратул ХIаж. 75 аят].

Аллагьасда лъикIго лъала расуллъун витIине бегьулевги бегьуларевги: кинабго халкъ Аллагьасул халкъ бугелъул. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ وَيَخْتَارُ﴾

**Дур БетIергьанас Жиндие бокьараб жо бижула ва**

**Жиндие бокьараб тIассаги бищула.** [Суратул Къасас. 68 аят].

**КIиабилеб:** хирияб Къуръан кин рещтIараб.

Аллагьасул расул МухIаммадиде ﷺ Къуръан рещтIин бай бихьана рамазан моцIалъул анцIила анкьабилеб къоялъ, миладияб тарихалъул 610 абилеб соналъул, Гьеб букIана итни къо. Хирияб Маккаялъул мугIрузда бугеб ХIираъ нохъоде авараг вукIадго гьесде жабраил рещтIана гьал аяталги росун:

﴿ٱقْرَأْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلَّذِى خَلَقَ * خَلَقَ ٱلْإِنسَـٰنَ مِنْ عَلَقٍ * ٱقْرَأْ وَرَبُّكَ ٱلْأَكْرَمُ * ٱلَّذِى عَلَّمَ بِٱلْقَلَمِ * عَلَّمَ ٱلْإِنسَـٰنَ مَا لَمْ يَعْلَمْ﴾

**Дуца цIале, мун вижарав БетIергьанасул цIаралдалъун. Жинца инсан биялъул гороялдаса вижарав. Дуца цIале, ва дур БетIергьан цIакъ хирияв вуго, жинца къаламалделъун хъай лъазабурав, инсанасде лъалареб жоги Жинца лъазе гьабурав.** [Суратул ГIалакъ. 1-5 аят]. Гьал аятал рукIана хирияб Къуръаналдаса Аллагьасул расуласде рещтIараб жоялъул авалаб.

Гьал аяталги росун авараг хъизаналде тIад вуссана, жиндир нафсалда хIинкъун ракIги тIеркIолеб бугеб хIалалъ. Гьес жиндие ккараб жо чIужуялде бицана - муъминзабазул эбелалде Хувайлидил яс Хадижатеде-, Гьес абуна: дун дирго нафсалде хIинкъун вуго – абун.

Хадижатица абуна: Вореги мун хIинкъуге! Дуе рохел буго! Валлагьи Аллагьас мун кидаго гIодовегIан гьавизе гьечIо! мун вуго гIагарлъиялъулгун бухьен гьабулев (рахIмо къотIуларев), битIараб рагIиги бицунев, захIмалъиги баччунев (къварилъи захIмалъи ккарав чиясе кумек гьабулев), гьоболасе хъулухъги гьабулев, балагь къварилъи борхизе кверги бакъунев.

Хадижатица гьев вачана Навфалил вас Варакъатихъе. Гьев вукIана гIилму ва гIакълу бугел гIадамаздаса. Варакъатида Хадижатица абуна: Я дир имгIал! Мун гIенекке гьав МухIаммадица ﷺ бицунеб жоялда. Расулуллагьас жиндие бихьараб жо бициндалго Варакъатица абуна: «Гьев

вуго Жабраил, Муса аварагасдеги жив рещтIарав. Дун вугев анищ гьеб ишалъе квер бакъине гIолохъанчилъун! Дур къавмалъ мун Маккаялдаса къватIив къотIулеб къоялъ дун чIаго вукIунеб анищ!» - абун. Расулуллагьас абуна: «Гьез дун къвативищ къотIилев?»- абун. Варакъатица абуна: «У, мун гьез къватIив къотIила. Цониги чи гьечIо мунгIадин дин босун вачIарав, жинда тушманлъи гьабичIев. Дун чIаго хутIани дица дуе цIакъ квер бакъила!» - абун. Гьалдаса хадуб дагьаб заман индалго Варакъат хвана.

Аллагьасул расуласде хирияб Къуръан цохIо нухалъ рещтIичIо, цогидал аваргзабаде рещтIарал тIахьазде релъун. Гьеб рещтIана бикь-бикьун, къоло лъабго соналъул болжалалда жаниб. ТIубарабго суратги рещтIулаан, дагьалго аяталги рещтIулаан.

Гьадин бикь-бикьун Къуръан рещтIинабиялъул хIикмат буго аварагасул ракI щула гьаби ва гьев къуват гьави. Гьесул гуч цIикIунеб букIана хирияб Къуръан босун Жабраил вачIунщинахъе ва гьесул гьунар гIолеб букIана мушриказда данде чIезе. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ ٱلْقُرْءَانُ جُمْلَةً وَٰحِدَةً ۚ كَذَٰلِكَ لِنُثَبِّتَ بِهِۦ فُؤَادَكَ ۖ وَرَتَّلْنَٰهُ تَرْتِيلًا﴾

**Кафурал гIадамаз абуна: «Гьесда Къуръан цохIо нухалъ рещтIинабураб анищ» - абун. Дица Къуръан бикь-бикьун рещтIинабуна гьелдалъун дур ракI щулалъизе ва Дица гьеб цIакъ баянаб хIалалъ баян гьабуна.** [Суратул Фуркъан. 32 аят].

Гьединго хирияб Къуръан бикь-бикьун рещтIинабиялъулъ буго муъминзабазе кIудияб тарбия кьейги. Гьелъ баян гьабулеб буго гIилму тIалаб гьаби ва цогидал диниял ишал дагь-дагь ккун гьаби лъикIаб букIин: гьеб бигьаяб букIуна гIилму лъаялъе ва ракIалде кквеялъе. Куфру-ширкалъул ва жагьиллъиялъул бецIлъукь рукIарал гIадамал иманалъул нуралде рачине, Аллагь цо гьавиялде ва гIилмуялде рачинеги сабаб букIана Къуръан дагь-дагь ккун рещтIинабиялда жаниб.

**Лъабабилеб:** хирияб Къуръан хъвай.

Жинда хIажатаб жо цIуниялъе сабаб буго гьеб хъвай. ХъвачIого тараб калам кIочене рес буго. Хирияб Къуръан къиямасеб къо щвезегIан гIадамал жинца тIоритIизелъун рещтIун бугелъул, гьеб хъвайги чара гьечIеб жолъун букIана.

Къуръан хъваялъул кIвар гьабуна живго аварагас ﷺ. Гьес асхIабзабазул хъвай-цIали лъалезул цо къукъялда амру гьабуна хирияб Къуръан хъвай абун. ВахIю хъвазе тIад къарал асхIабзабазул бищун машгьурав вукIана ансарияв Сабитил вас Зайд, жинда Аллагь разилъаяв.

Жинда вахIю рещтIараб мехалъ хирияв аварагас ﷺ гьеб рекIелъе цIунулеб букIана, цинги вахIю хъвалезде абулаан: «Нужеца гьал аятал лъе пуланаб жо бицунеб сураталда жанир» - абун. Гьезда сураталъул цIарги бицулаан ва гьел аятал гьенир хъваян амруги гьабулаан. Гьелда хадуб аварагас асхIабзабаде амру гьабулаан ахиралда рещтIарал Къуръаналъул аятал рекIехъе лъазареян ва гьезул мурадги лъазабеян. Гьеб хирияб Къуръан кинабго хъван букIана (жинда тIад жо хъвазе данде кколебщинаб жоялда, ракьа, цIоко, къоно, гьазда релъарал жалазда) авараг ﷺ чIаго вугеб мехалъго.

Аллагьасул салам лъеяв Жабраилас щибаб соналда жаниб цо нухалъ хирияб Къуръан аварагасе цIалун, аварагас гьесие цIалун такрар гьабулаан. Хирияв авараг ﷺ жиндилъ хвараб соналъ Жабраилас гьесие Къуръан кIиго нухалъ такрар гьабун цIалана гьаб нилъеда лъалеб хIалалъ суратазул ва аятазул тартибги гьабун. Гьеб букIана ТIадегIанав Аллагьасул рагIи хIакъ гьаби:

﴿إِنَّ عَلَيْنَا جَمْعَهُ وَقُرْءَانَهُ ۝ فَإِذَا قَرَأْنَٰهُ فَٱتَّبِعْ قُرْءَانَهُ﴾

**ХIакълъунго Дида тIад буго гьеб Къуръан дур каранде жанибе данде гьабизе ва дуда гьеб кIочене биччачIого цIунизе. Дица Жабраил малаик цIализе виччан дуе гьеб Къуръан цIалараб мехалъ гьесдаса хадуб цIале дуца Къуръан.** [Суратул Къиямат. 17-18 аят]

﴿سَنُقۡرِئُكَ فَلَا تَنسَىٰٓ﴾

**Дица дуда Къуръан цIали лъазабила, цинги дуда гьеб кIочезеги гьечIо.** [Суратул АгIла. 6 аят].

**Ункъабилеб:** хирияб Къуръан тIанчазда тIад бакIари.

Расулуллагь ﷺ хвараб мехалъ гьесул ритIухъав халифа Абубакрица رضي الله عنه амру гьабуна хирияб Къуръан жиндир букIине кколеб тартибалда кагътида хъвай абун: Къуръан рекIехъе лъалел асхIабзаби хвеялдалъун яги гьеб тIад хъварал жал тIагIиналдалъун Къуръаналъул щибниги жо камичIого букIине. Гьаб иш гьабизе тIад къана жинца вахIю хъвалев вукIарав Сабитил вас Зайдида رضي الله عنه.

Къуръан тIад хъварал жал ракIарун, гьеб рекIехъе лъалел асхIабзабазулгун данде кквей гьабун, ракьа-рагIалда щвараб мухIканлъиги гьабун Къуръан кагътида тIад хъвана ва гьел кагъталги Абубакр асхIабасул رضي الله عنه рокъор цIунун рукIана. Гьев хвараб мехалъ кIиабилев халифа ГIумар асхIабасул رضي الله عنه рокъор цIунун рукIана. Гьевги хвараб мехалъ муъминзабазул эбел, ГIумар асхIабасул яс ХIафсатил رضي الله عنها рокъор цIунун рукIана.

Ислам тIибитIидалго бусурбаби хIажалъана жидеца цIализе Къуръанал рукIиналда. РитIухъав халифа ГIусман асхIабасда رضي الله عنه цогидал асхIабзабаз мушавараги гьабун, гьез хIукму гьабуна имамас цIалулеб Къуръан букIине ккеялда: гIадамал гьесда нахъ рилъине. ГIусман асхIабас Къуръан рекIехъе лъалел ва гьеб хъвазе лъалел асхIабзабада амру гьабуна гьеб иш гьабизе байбихьеян. Гьезул бетIерлъун гьавуна Сабитил вас Зайд, гьез мугъ чIвалеб жолъун букIана Абубакар асхIабас رضي الله عنه данде гьарурал, ХIафсатил рокъор цIунун ругел кагътал. Гьел асхIабзабаз цо тIехьалда жанир ракIарана ва гьелдаса чанго нусхаги хъвана ва гьел Къуръанал исламияб пачалихъалъул кIудиял шагьаразде ритIана ва гьездасан Къуръанал хъвай абун амруги гьабуна.

Жакъа дунялалдаго тIиритIун ругел киналго Къуръанал руго дол ГIусман асхIабас رضي الله عنه амру гьабун хъварал Къуръаназдаса насху гьабун хъварал ва гьел хилиплъуларо

дол Къуръаназул нассалда (хIуруфазда ва рагIабазда) ва гьезул тартибалдаги.

Жакъа къоялде щвезегIан бусурбабаз яхI бахъулеб буго Къуръан зарбоялде бахъиналъе ва гьеб ишалъе цIиял алаталги хIалтIизарулел руго. Гьалдалъун тIадегIанаб даражаялде бахинабизе Къуръаналъул берцинго хъвай ва гьелъул хIуруфал ва игIраб мухIкан гьабиги, ГIусман халифаясул رضي الله عنه заманалъго хъвараб Къуръаналъул хъваялда рекъон жиб цIунараб.

Мадина шагьаралда бугеб Фагьдил Къуръанал зарбоялда рахъунеб мужаммагIги ккола гьеб Къуръаналъе хъулухъ гьабулел гIуцIабазул бищунго кIудияб ва СагIудиязул хIакимзабаз Къуръаналъе гьабулеб берцинаб хъулухъ загьир гьабулеб бакIлъун. Гьезул яхI бахъиналдалъун бусурбабазухъе щолеб буго цIакъго лъикI къачIараб ва берцин гьабураб Къуръан: мухIкан гьабун цIунараб, хатI берцинаб, кагъат лъикIаб ва жилдал къачIараб.

**Щуабилеб:** Къуръаналъул тартиб (гIуцIцIи) ва гьелъул жузал.

Хирияб Къуръан бай бихьула Суратул-ФатихIаялдалъун ва гьеб тIубала сурату-Ннасалдалъун. Гьелда жаниб буго (114) сурат. Гьаб тартиб буго МухIаммад аварагас ﷺ гьабураб тартибалдаса босараб ва гьеб гьечIо суратал ва аятал рещтIиналъул тартибалде бугеб. ТIоцебе рещтIараб сурат буго «суратул ГIалакъ», амма гьеб Къуръаналда жаниб (96) абилеб сурат буго. АсхIабзабада суратазул ва аятазул тартиб лъалеб букIана аварагасул ﷺ цIалиялдаса.

Къуръан бикьун буго (30) жузалда, щибаб жуз бикьула кIиго хIизбуялда ва щибаб хIизбуги бикьула ункъго бутIаялда. Гьаб хIалалъ Къуръан бикьи гIалимзабаз гIуцIараб буго: бусурбабазе Къуръан цIализе ва рекIехъе лъазабизе бигьалъи гьабун.

**Анлъабилеб:** Къуръан лъазе гьаби.

Бусурбабаз цIакъ кIвар кьуна хирияб Къуръан лъазабизе, гьелъул насс (хIурупал, рагIаби, тартиб) цIунун ва гьеб

аварагасда рещтӀараб хӀалалъ цӀалун. Къуръан цӀалулел ва гьеб рекӀехъе лъалел асхӀабзабаз яхӀ бахъана жидеда хадусеб гӀелалада (табигӀиназда) Къуръан лъазабиялъе: гьелъул насс мухӀкан гьабуна ва щибаб аяталъул тафсир баян гьабуна ва гьелда гӀамал гьабиги лъазабуна. Цинги гьел табигӀиназ Къуръан лъазабулел мадрасаби гӀуцӀцӀана ва жидеца асхӀабзабадаса босараб хӀалалъ хирияб Къуръан цогидаздеги лъазабуна: Къуръаналъул киналго хӀарпал ва калимаби рикӀана, суратазул аятазул тартибги цӀунана, батӀи-батӀиял къираатал баян гьаруна, тажвид ва тартил лъазабуна. Гьединлъидал хирияб Къуръан нахъе хутӀана пасихӀаб гӀараб мацӀалда, аварагасда ﷺ жиб рещтӀараб хӀалалъ мугӀаллимасдаса мутагӀалимас жиб цӀалулеблъун, рекӀехъе лъазабулеблъунги, жиндир магӀна – тафсир лъалеблъунги.

Хирияб Къуръан цӀалула чанго батӀияб къирааталда: хӀурупалаби, калима цӀали букӀуна батӀи-батӀияб къагӀидаялъ табигӀиназ асхӀабзабадаса босараб, гьезги хирияв аварагасдаса ﷺ босараб ва аварагас ﷺ бегьизе гьабураб хӀалалъ. Нилъер заманалда гьел къираатазул бищунго машгьураб буго ГӀассимил къираат, гьесул мутагӀил Сулайманил вас ХӀафсица бицараб, гьединго НафигӀил къираат гьесул мутагӀил Варщица бицараб. Гьединго буго Ад-дурияс бицараб ва Къалуница НафигӀидаса бицараб къираатги.

**Анкьабилеб:** хирияб Къуръаналъе тафсир гьаби.

Тафсиралъул магӀна буго Къуръаналъул магӀнаби баян гьари. Каламалъул мурад бичӀуларо гьелъул магӀна ва гьелъ жинда тӀоритӀел гьабулеб жо лъан гурони. ТӀадегӀанав Аллагьас Къуръан цӀалулев чи ахӀулев вуго гьелъул магӀна бичӀиялда:

﴿كِتَٰبٌ أَنزَلۡنَٰهُ إِلَيۡكَ مُبَٰرَكٞ لِّيَدَّبَّرُوٓاْ ءَايَٰتِهِۦ وَلِيَتَذَكَّرَ أُوْلُواْ ٱلۡأَلۡبَٰبِ﴾

**Дуда рещтӀинабураб тӀехь буго жиндилъ баракат бугеб, гӀадамаз жиндир аятазул пикру гьабизе ва гӀакълу бугез вагӀзаги босизе.** [Сурату Ссад. 29 аят] Пикру гьаби (тадаббур) абураб рагӀиялъул магӀна буго: бичӀи, лъай.

Расулуллагьас ﷺ асхӀабзабада бичӀинабулеб букӀана

хирияб Къуръаналдаса гьезие ишкаллъараб жо (гьезул шаклъи ккараб). Киниги хирияб Къуръан рещтIулеб мехалъ гьел асхIабзаби пасихIаб гIараб мацI лъалел рукIиналъ гьез гIемер суалал кьолароан аварагасе ﷺ. Амма заман халалъарабгIан гIадамал хIажалъана Къуръан баян гьабулел тафсиразда.

Бичасул расуласдаса ﷺ ва гьесул асхIабзабадаса нилъее щвараб дагьабго жоялдаса, жинда тафсиру аль-маъсур абулеб (аварагасдаса асхIабзабаздаса ва табигIиназдаса бачIараб тафсир), рес лъугьана гьебги аслолъун гьабун тафсирал гьаризе: гьел асхIабзаби рукIиндал жидеда Къуръан рештIин бихьарал, аварагасул ﷺ цIали рагIарал, пасихIаб гIараб мацI лъалел. Гьединго гьезда лъалеб букIиндал хирияб Къуръан рещтIулеб мехалъ букIараб ахIвал-хIал ва гьеб мехалъ карал лъугьа-бахъинал.

**(1) <u>тафсиралъул тайпаби:</u>**

Щивав гIалимасул гIелмияб рахъ хал гьабун гьес гьабулеб тафсирги батIияб букIуна. Гьединлъидал тафсирал руго Къуръаналъул лугъат (мацI) бицунел, цоги руго фикъгьиял хIукмаби рицунел, цоги руго тарихияб жо баян гьабулел, цоги руго инсанасул сулук (хьвади, тIабигIат) бицунел. Цогиги батIи-батIиял рахъал рицунел тафсирал руго. Гьединлъидал гIалимзабаз тафсирал рикьана кIиго тайпаялде:

- маъсурияв тафсирал. Гьел руго Аллагьасул расул МухIаммадица, гьесул асзхIабзабаз ва гьезда хадусел табигIиназ гьарурал тафсирал.
- ижтигьадалдалъун гьабураб тафсир. Гьеб буго гIалимзабаз битIараб гIелмияб нухалда жидер гIакълуялда ва гIелмуялда рекъон гьарурал тафсирал.

**(2) <u>тафсиразул бищунго лъикIаб нух ва гьелъул гIорхъаби:</u>**

Маъсурияв тафсирал руго хирияб Къуръаналъе гьабулеб тафсиралъул бищунго лъикIаб ва жиб щцебе кколеб. Гьеб бугелъул хирияв аварагасдаса, гьесул асхIабзабадаса ва

гьезул мутагIилаздаса босараб. Гьелги жидеда бищунго лъикI Къуръан лъалел руго. Къуръаналъул аяталъе гьаб маъсурияб тафсиралда жаниб батичIеб баян кьезе бокьараб мехалъ тафсир гьабулес цIунизе ккола гьал хадур рехсарал гIорхъаби:

1) маъсуриял тафсиразда бугеб хIалалъ аятазул магIна цIуни ва гьелда данде кколареб магIна гьабун гутIи.
2) тафсир рекъезе ккола Къуръаналъул гIаммал магIнабазда ва аварагасул суннаталъ баян гьабураб нухалда. Гьал магIнабазда данде кколареб хIалалъ тафсир гьабизе бегьуларо: хирияб Къуръан буго цоялъ цояб баян гьабулеблъун ва гьелда жаниб цоялъ цогидаб хвезабулеб жоги гьечIо. Аварагасул суннаталъ гьеб Къуръаналда жаниб баянлъичIого хутIараб жо баян гьабуна ва гьелъие тафсирги гьабуна.
3) гIараб мацIалъул къагIидаби лъазе кола тафсир гьабулев чиясда: рагIиялъ жинда тIоритIел гьабулеб жо, калам гIуцIулеб хIал, щибаб рагIи кин хIалтIизабулеб, ва цогидалги гIараб мацIалъул истIилахIал (къагIидаби) лъазе кола. Хирияб Къуръан гIараб мацIалда рещтIун бугелъул гьеб бичIизе ккола гIараб мацIалъул къагIидабазда рекъон.
4) жал баян гьаричIел аятал (муташабигьал аятал) роцине кола жал баян гьарурал аятазда: Къуръан бугелъул цоялъ цогидаб баян гьабулеблъун. Къуръаналъул гIемерисел аятал жидер магIна баянал руго. Цо-цо аятал магIна баянлъичIел руго ва цо гIадамазе гьеб бичIуларо. Гьал муташабигьал аятал мухIканал аятазда рорцараб мехалъ гьеб ишкал тIасса уна. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ مِنۡهُ ءَايَٰتٞ مُّحۡكَمَٰتٌ هُنَّ أُمُّ ٱلۡكِتَٰبِ وَأُخَرُ مُتَشَٰبِهَٰتٞۖ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِى
قُلُوبِهِمۡ زَيۡغٞ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَٰبَهَ مِنۡهُ ٱبۡتِغَآءَ ٱلۡفِتۡنَةِ وَٱبۡتِغَآءَ تَأۡوِيلِهِۦۖ وَمَا يَعۡلَمُ تَأۡوِيلَهُۥٓ إِلَّا ٱللَّهُۗ وَٱلرَّٰسِخُونَ فِى ٱلۡعِلۡمِ
يَقُولُونَ ءَامَنَّا بِهِۦ كُلّٞ مِّنۡ عِندِ رَبِّنَاۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُوْلُواْ ٱلۡأَلۡبَٰبِ﴾

**Гьев Аллагь вуго жинца дуда ТIехь рещтIине гьабурав. Гьелда жанир баянал аятал руго ва гьелги**

**Къуръаналъул гӀемерисел руго. Цоги муташабигьал аяталги руго. Жидер ракӀазулъ унти бугел гӀадамал (иман загӀифал)гьел муташабигьал аятазда хадур лъугьуна, гьел аятазе жидее бокьараб магӀнаги гьабун жидеца питна гьабизе бокьун. Гьел аятазул магӀна лъаларо цохӀо Аллагьасда гурони. ГӀелмуялда жанир гъваридго лъугьарал гӀадамаз абула: ниж гьелда божула, гьеб кинабго Аллагьасул рахъалъан буго абун. ХӀакъаб жо бичӀун гьелъул вагӀза босуларо гӀакълудал бетӀергьабаз гурони.** [Сурату Али-гӀимран. 7 аят].

5) дунялалъул ахӀкамазда хурхарал аятазе (бакъ, моцӀ, зоб, ракь ва гь. ц.) тафсир гьабулеб мехалъ мухӀканал гӀелмиял къагӀидаби рицине ккола ва гьеб тафсиралда жанир жеги мухӀканлъичӀел гӀалимзабазул гӀелмиял бахӀсалги рицине бегьуларо. Гьел бахӀсал рициналъ Къуръан жиндир аслияб мурадалдаса буссинабула.
6) магӀна мекъал таъвилал гьариялдасаги цӀунизе кола: жидедалъун Аллагьасул калам бацӀадаб шаргӀияб нухалдаса бахъунеб ва рикӀад гьабулеб. Гьединго гӀараб мацӀалъул къагӀидаби хвезарулеб: гьаб таъвил гьаби букӀине бегьула ургъунго Къуръаналъул магӀна мекъи гьаби мурадалда, яги гӀараб мацӀалъул къагӀидаби лъачӀого, яги тафсир гьабулесда гьеб мекъаб магӀна битӀун бугин ккун.

**Микьабилеб:** хирияб Къуръаналъул мугӀжизат.

МугӀжизат абураб рагӀиялъул магӀна буго: жинда релъараб жо гьабизе инсанасул хӀал кӀолареб жо: цо иш букӀа, гӀакъло букӀа, тадбир букӀа. МугӀжизат буго цо кинаб бугониги иш лъугьи, жиб бургьанлъун (далиллъун) букӀине аварагзаби ритӀухъал рукӀиналъе. Гьаб рагӀи Къуръаналда жаниб гьечӀо, гьелъул бакӀалда «аят» яги «бургьан» абун буго.

Хирияб Къуръан Аллагьасул калам буго ва гьелда жаниб гӀемер буго инсан жинца гӀажиз гьавулеб калам, камилаб магӀнаги, берцинго мухӀканго рекъезарун ругел аяталги рагӀабиги. ТӀадегӀанав Аллагьас абуна:

﴿الٓرۚ كِتَٰبٌ أُحۡكِمَتۡ ءَايَٰتُهُۥ ثُمَّ فُصِّلَتۡ مِن لَّدُنۡ حَكِيمٍ خَبِيرٍ﴾

**Алиф, Лам, Ра. Гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам Къуръан, жиндир аятал мухIкан гьарураб, жиделъ нукъсанлъи ва загIиплъи гьечIел. Цинги гьел аятазда жанир шаргIиял ахIкамалги баян гьарурал. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан буго, жинда кинабго жоялъул хIикмат лъалев, щибаб жоялъул маслахIат лъалев хIакимияв гIалимлъун жив вугев.** [Сурату Гьуд. 1 аят].

Мушриказ гIемераб яхI бахъана Къуръаналъул аслуялъулъго гIадамал шакдаризаризе ва гьелдаса гIадамал руссинаризе : батIи-батIял гьерсал рицун ва шубгьаял жал рижизарун. Цинги БетIергьан Аллагьас гьезда ахIи бан аятал рещтIинаруна: нужеца гьабеха гьаб Къуръаналда релъараб, яги гьелъул цо сураталда релъараб жо абун. Гьел гIажизлъана гьедин гьабизе ва жал мукIурлъана хирияб Къуръан гIараб мацIалъ бугониги жинда релъараб гьабизе кIолареб букIиналда. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

﴿أَمۡ يَقُولُونَ ٱفۡتَرَىٰهُۖ قُلۡ فَأۡتُواْ بِسُورَةٖ مِّثۡلِهِۦ وَٱدۡعُواْ مَنِ ٱسۡتَطَعۡتُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ﴾

**Гьел мушрикаца абулебищ бугеб Къуръан (МухIаммадица ﷺ) ургъараб жо буго абун. Дуца гьезда абе: нужеца гьабеха гьаб Къуръаналъул цо сураталда релъараб жогIаги. Гьеб гьабизе нужеца кумекчагIиги ахIе кигIан гIемерал ругониги, цохIо Аллагь тун батIиял, нуж битIараб бицунел ратании.** [Сурату Юнус. 38 аят].

Къуръаналъ баянго лъазабуна гIадамазул ва женазул хIал кIолареблъи гьелда релъараб жо гьабизе, гьез цоцалазе кумек гьабулеб бугониги:

﴿قُل لَّئِنِ ٱجۡتَمَعَتِ ٱلۡإِنسُ وَٱلۡجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأۡتُواْ بِمِثۡلِ هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانِ لَا يَأۡتُونَ بِمِثۡلِهِۦ وَلَوۡ كَانَ بَعۡضُهُمۡ لِبَعۡضٖ ظَهِيرٗا﴾

**Дуца абе (МухIаммад ﷺ): киналго гIадамалги жундулги цадахъ лъугьаниги гьаб Къуръаналда релъараб жо гьабизе абун, гьезда кIоларо Къуръаналда релъараб жо гьабизе, кигIанго цояз цогидазе кумек гьабулеб бугониги!** [Суратул Исраъ. 88 аят].

Хирияб Къуръан жинца гІажиз гьарулеб буго, гьеб Аллагьасул калам букІиналъ жинца гІадамазул каламалда релъинлъи гьабулареб. МугІжизатлъун бугеб Къуръан буго хІужалъунги бургьанлъунги жиндир аятаздалъун, мацІалдалъун, ргІабаздалъунги ва гьелда жаниб бугеб пасихІаб баяналдалъунги. Гьелда жанир ругел хІакъал къиссабаздалъун ва хабаразалъунги. Гьелда жанир ругел шаргІиял хІукмабаздалъун, гьелъ ракІазда гьабулеб асаралъул къуваталдалъунги, гьелда жанир ругел гІелмиял баяназдалъунги.

ГІемерал дунялиял гІелмабазул гІалимзаби гІажаиблъун хІайран гьаруна Къуръаналда жанир ругел мухІканго баян гьарурал хІакъал гІелмиял хабарал рихьидалго, жагьилаб умматалдаса вугев хъвай цІали лъаларев аварагасе жал лъазе рес гьечІел. Гьел гІелмиял баянал сабаблъана гьезул цоял бусурманлъизе: гьезда бичІана хирияб Къуръаналъ бицараб хабар инсанасул хабар гьечІеблъи, гьеб кинабго халкъ жинца бижарав Халикъасул калам букІин.

Къуръаналда жанир гІемер аятал руго Аллагь цо вукІиналъул бицунел, гьесул гІажаибал пишабазулги бицунел. ТІадегІанав Аллагьас абуна:

﴿سَنُرِيهِمْ ءَايَٰتِنَا فِي ٱلْءَافَاقِ وَفِيٓ أَنفُسِهِمْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ ۗ أَوَلَمْ يَكْفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ﴾

**Дица гьезда дир гІаламатал рихьизарила зобалазулъ ва жидерго нафсазулъ ругел, гьезда баянлъизе гьеб хІакъаб жо букІин. Дур бетІергьан Аллагь гІеларищха жинда кинабго жо лъалевлъун вугев.** [Сурату Фуссилат. 53 аят].

**ИчІабилеб:** хирияб Къуръаналъул магІнабазе таржама гьаби.

Таржама абула: цо калам цо мацІалдаса цоги мацІалда буссинабиялда. Таржама гьабиялда жанир захІмалъаби гІемер рукІуна: щибаб мацІалъул жинда хассаб къагІида

букIунелъул. Таржама гьабураб мехалъ доб мацIалда дол рагIабаз кьолеб магIна гьаб мацIалда баян гьабизе захIмат букIуна.

ГIадамаз бицараб хабар таржама гьабулаго гьединаб захIмалъи букIунелъул, Аллагьасул каламлъун бугеб хирияб Къуръан таржама гьабулаго гьеб захIмалъи цIакъго цIикIараб букIуна: гьеб бугелъул пасихIаб гIараб мацIалда Аллагьас вахIю гьабураб калам. Гьелдаго цадахъ Къуръаналъул рагIабиги магIнаги кIиябго цадахъ рещтIараб буго. Цониги чиясда кIоларо жинда камилго Къуръаналъул магIна лъалин абизе ва гьеб гIараб мацIалда бугеб хIалалъ цоги мацIалда таржама гьабизеги.

КигIанго хирияб Къуръаналъе таржама гьаби захIматаб иш бугониги исламалъул гIалимзабазда лъалеб буго гьеб хирияб Къуръан ва гьелъ бицунеб рисалат дунялалда ругел киналго гIадамазухъе щвезаби тIадаб иш букIин: гьезул мацIал кигIанго батIи-батIиял рукIаниги. Гьаб ишги тIубаларо Къуръаналъул магIнабазе таржама гьабун гурони.

Хирияб Къуръан цоги мацIалда буссинаби букIула:

- хирияб Къуръаналъул магIнабазул таржама гьаби. Гьеб буго цадахъ тафсир гьечIеб таржама, гьелъ баян гьабула Къуръаналъул рагIабаз жинда тIоритIел гьабулеб магIна.
- тафсиргун цадахъ бугеб таржама. Гьелъ Къуръаналъул магIна баян гьабула мисал бачун, гIатIид гьабун. Гьелъул хIукмуги буго хирияб Къуръаналъе гIараб гуреб мацIалдалъун тафсир гьаби.

КигIанго гьваридго ва баянго таржама гьабун бугониги, гьелъ Къуръаналъул аятазул магIнаби жанир рачун ругониги, гьеб таржамаялда «Къуръан» - абуларо кIиго сабабалъе гIоло:

1) хирияб Къуръан Аллагьасул калам букIиналъе гIоло гIараб мацIалдалъун жиб рещтIинабураб. Гьеб цIакъго тIадегIанаб макъамалда буго жиндир баяналъул ва хIукмабазул рахъалъан. Къуръаналъул аятал цоги мацIалдаги сверизарун хъваялъ гьелда Къуръан абураб

цIар аби батIул гьабула (хвезабула).

2) кинабгIаги таржама буго гьеб гьабурав чиясе хирияб Къуръаналъул магIна бичIиналъул хIасил. Гьебги релъун буго Къуръаналъе тафсир гьабиялда. Тафсиралда абуларебгIадинго гьеб Къуръан буго абун, таржамаялдаги абуларо гьеб Къуръан буго абун.

Хирияб Къуръаналъул магIнабазе гьабураб таржама къабул гьабизе ккани гьеб букIине ккола гIалимзабаз бихьизабураб хIалалъ хирияб Къуръаналъул магIнабазул къагIидаби ва гIорхъаби цIунараб, жинда жанир тахIриф гьарурал (хисизарурал) магIнаби гьечIеб, яги бусурбабазе зарал гьабулеб, гьезул хIурмат хвезабулеб жоги гьечIеб. Гьединал таржамаби гьарула гIараб мацI лъазабулел, гьезул гIадат-тарих цIехолел капурзабаз ва жал бусурбаби руго абун гьереси бицулел гIадамазги. Гьел руго исламияб дин хвезабизе гIоло гьелда жанир пасадал гIакъидаби лъолел ва бацIадаб шаригIат хвезабулел гIадамал.

Гьаб бицараб хIалалъ мухIканлъи гьабун хирияб Къуръаналъе хъулухъ гьабун гьеб зарбоялде бахъизе гIуцIцIараб Фагьд ханасул Мадина шагьаралда бугеб мужаммагIалъ тIаде босана божилъи бугел Къуръаналъул таржамаби къватIир риччай, Аллагьасул рисалат хирияб Къуръан гIараб мацI лъаларел гIадамазухъе щвезабизе гIоло, гьез бицунеб жидерго мацIалда.

Кинабго рецццги гIаламалъулго бетIергьан Аллагьасе буго. Аллагьасул цIоб рахIмат лъеги нилъер авараг МухIаммадида ва киналго гьесул агьлу асхIабзабадаги, гьезда нахъ рилъарал табигIиназдаги лъеги, лъикIаб гIамалалдалъун гьезда нахъ рилъараздаги лъеги Къиямасеб къо щвезегIан.

## ТIадегIанав Аллагьасул калам цIализе байбихьулеб мехалъ, Аллагьас нужер тушман бугоян гIадамазда лъазабураб щайтIаналъул квешлъиялдаса цIуни гьаризе тIадаб буго

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ

**Дица Аллагьасдалъун цIуни гьарула Аллагьас жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьабураб щайтIаналдаса**. Гьелъ дир диналъе ва дунялалъе зарал гьабиялдаса. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабеян амру гьабураб жоялдаса гьеб шайтIаналъ вуссизавиялдасаги. Аллагьас гьабугеян абураб жо гьабиялда гьелъ вачияллдасаги.

Гьединго шайтIаналъул квешлъиялдаса цIуни гьаризе рекъараб буго хIажатханалда иналда аскIоб, бецIаб, хIинкъараб бакIалда лъугьиналда аскIоб ва цогидабги зарал ккеялда хIинкъи бугеб бакIалдаги.

«ШайтIан» абула гIадамазул, женазул, хIайваназул жиб мутIигIлъичIеб, гIамал кIодолъи гьабураб ва гIадлонизам биххизабулеб жоялда. Гьеб магIнаялда гIадамазул «шайтIаби» цIакъго гIемерал руго ва жидер зарал цIикIарал руго: гьел нилъгун цадахъ рукIун, нилъер гIамал, хIал лъан. Гьел нилъее зарал гьабизе ургъараб мехалъ гьездаса цIунизе ккани лебалаб гIакълу ва кантIи къваригIула.

ШайтIаналъул квешлъиялдаса цIунеян Аллагьасда гьарулеб мехалъ ракIалда букIине ккела гьел шайтIаби женазулги гIадамазулги рукIин ва гьеб кIиябго тайпаялъул шайтIабазул заралалдаса цIуниялда ният-къасд гьабизе ккела.

Цоги кантIизе ккараб жо буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда амру гьабулеб буго нилъедехун тушманлъи бугев инсанасда хIал рекъезабиялдалъун ва гьесие лъикIлъи гьабиялдалъун, гьелдалъун досул квешаб хIал лъикIалдахун сверизе

ва гьоркьоблъиги лъикIлъизе. Амма нилъер тушман шайтIаналдаса цIуни гьареян абулеб буго БетIергьан Аллагьас, гьеб букIиналъе гIоло щибго лъикIлъи къабул гьабулареб, хIалги рекъолареб ва жиндир мурад Адамил лъимер (гIадамал) гьалаг гьари гуреб гьечIеб. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «ХIакълъунго шайтIан нужеда тушманлъи бугеб буго, нужеца гьелдаги тушманлъи гьабе» – абун. [ФатIир 6 аят]

Цоги ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Нужеца гьеб иблисги, гьелъул зуриятги (тIанчIи, насло) гьудулзабилъунищ кколел, дунги живго тун, гьеб иблис нужер тушманги букIадго» - абун. [Кагьф 50 аят]

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги гьеб шайтIаналъ хIакъаб исламияб диналдаса хъуштIизариялдаса. **Амин!**

# 1. Суратул ФатихIат سُورَةُ الفَاتِحَةِ

*Маккаялда решт1изабураб, жинда жаниб анкьго аят бугеб.*

**1. Дица Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун байбихьи بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ١ гьабула: дунялалъул рокъоб жиндир гурхIел киназдего щолев, ахираталда жив муъминзабазда гурхIулев.**

Дица киналго умуразулъ квербакъиги Аллагьасдаса тIалаб гьабулеб буго. гьев Аллагь ﷻ жидие гIибадат (лагълъи) гьабизе тIадав БетIергьан вуго, кинабго лъикIлъи, цIоб- рахIмат ва нигIматал кьолевги вуго. Жиндир рахIмат ва цIоб кинабго жоялда щолев ва гIаммав вуго. ТIадегIанав Аллагьасул ﷻ калам Къуръаналъул киналго суратал (цо сурату тавбат хутIизегIан) байбихьана бисмиллагьалдалъун:-жидер кинабго ишалъул байбихьи гьеб бисмиллагьалдалъун букIине ккеялда гIадамал тIоритIун. Гьелдалъун Аллагьасдаса тавпикъ-квербакъи тIалаб гьабун ва жидеца хъанчазул цIараздалъун байбихьи гьабулел хъанчил агьлуялда хилиплъи гьабун.

Гьаб Бисмилагь суратул ФатихIаялъул аят букIиналда гIалимзабазул хилап буго. Гьединго гIалимзаби хилиплъана Бисмиллагь щибаб сураталъул аят букIиналъулъги. Гьеб хилап гьаб таржамаялда бициналдаса кIудияб мунпагIат гьечIелъул, нилъеца гьелъул баян гьабиларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагасул мухIканал хIадисалги руго кинабго иш байбихьулеб мехалъ Аллагьасул цIаралдалъун байбихье абун нилъеда амру гьабулел.

ГIалимзабаз абуна ТIадегIанав Аллагьас рештIарал киналго тIахьалги жидер байбихьи Аллагьасул цIаралдалъун бугел рукIанин абун. Гьеб Аллагьасул ﷻ цIар буго алжан рагьулеб кIул.

Гьедин бугелъул киналъулго къокъаб магIна буго: кинабго буголъараб жо дидалъун буголъана. Кинабго букIинесеб жоги дидалъун букIине буго абураб. ТIадегIанав Аллагь ﷻ цо вукIиналда, кинабго жо жинца байбихьулев, киналъулго ахир жинда кодоб бугев вукIиналда тIоритIел гьабула гьаб каламалъ.

Гьеб бисмиллагьалда жаниб ТIадегIанав Аллагьасул ункъоялда анцIила ичIго цIаралдасан лъабго цIар буго: <u>Аллагь</u>, <u>АррахIман</u>, <u>АррахIим</u>. Бищун хирияб, цоги щибго жоялда кидаго лъечIеб, Бет1ергьанасул заталда лъураб цIар буго Аллагь. Хадусел киналго цIарал гьеб Аллагь абураб цIаралъе сипатлъун ккола ва ТIадегIанав Аллагьасул камиллъи

бицулел руго.

АррахIман абураб цIаралъул магIна буго жиндир рахIмат, гурхIел гIаммав, гIемерав, кинабго жоялда щолев абураб. ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьеб цIар дунялалъул киналго умураздa щвей гьабулеб буго.

АррахIим абураб цIар рахIмат-гурхIел даимав абураб магIнаялда буго: Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ дунялалдаги ахириталдаги муъминзабазда гурхIулев вугелъул.

2. **Кинабго рецц,** лъица, лъие, щиб сабаблъун гьабурабги, **Аллагьасе буго**. ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢

Киназулго бетIергьан гьев вугелъул ва аслуялда кинабго лъикIлъи Аллагьасдаса бугелъул. **Жив кинабго гIаламалъул бетIергьанлъун вугев,** кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьел хьихьулев, ц1унулев, гIуцIцIулев. Жиндие лагълъи гьабизе тIадав ханлъунги вугев. ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьаби даимаб, нахъасан къотIи гьечIеб буго, гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нигIматал, гьесул гурхIел-цIоб даимаб бугелъул.

3. **Дунялалда жив лъикIасдаги квешасдаги гурхIулев:** ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٣

гьезие нигIматал кьун, гьезул маслахIатал тIоритIун.

**Ахираталда муъминзабазда гурхIулев.**

Ахираталъул рукъ гIамалалда данде жазаъ гьабулеб бугелъул, гьениб Аллагьасул гурхIел муъминзабазда гурого букIуларо. Капурзаби, мушрикал, хъанчие лагълъи гьабураб агьлу жужахIалда уна ва гьенир даимлъула.

(жазаъ: гьабураб гIамалалда рекъон гьабулеб кири яги гIазаб).

4. **Къиямасеб къоялъул бетIергьанлъун жив вугев,** مَٰلِكِ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ٤

жиндилъ кинабго жоялъул хIисаб-мизан ва жазаъ гьабулеб. Гьеб къоялъ гьитIинабниги кIудиябниги кинабго жоялъул ихтияр, ханлъи, ва хIукму гьабизе бугеб кверщел цохIо Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ кодоб букIула. Дунялалъул бетIергьан вуго Аллагь, амма гьаб дунялалда нилъеда рихьулеб бакIалда жидеда бетIергьан абулел гIадамал рукIула, масала: рукъалъул бетIергьан, ракьалъул, боцIиялъул бетIергьан. Ахираталда гьединал бетIергьаби рукIуларо ва кинабго жоялъул ханлъи ТIадегIанав Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ буссун букIула.

5. **Цох1о дуе буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нижеца лагълъи гьабулеб, мун гуресе гьечIо. Цох1о** إِيَّاكَ نَعۡبُدُ وَإِيَّاكَ نَسۡتَعِينُ ٥

**Дудасан буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб, мун гуресдаса гьечIо.**

ЦохIо дуе буго БетIергьан Аллагь нижер хIелиги гьариги, мукIурлъиги, мутIигIлъиги. ЦохIо дудаса буго БетIергьан Аллагь нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб тIагIат-гIибадат ва лъикIаб гIамал гьабиялъулъ, квешаб гIамал тезеги. Мун гурев нижее квербакъизе кIолев гьечIо ва кIодо гьавизе, хIурмат гьабизе рекъаравги цохIо мун вуго.

6. **Дуца ниж битIараб нухде тIоритIе.** اَهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ ﴿٦﴾

Мун жинда разияб, дуе битIун лагълъи гьабизе лъалеб. Дуца жиндалъун киналго аваргзаби ритIараб исламияб диналъул нухда тIоритIе. Дуде гIагарлъи бокьарал, мун разилъи бокьарал гIадамал хьвадулеб нухда тIоритIе.

7. **Дуца жидее кIудиял нигIматал кьурал** аварагзабазул, ритIухъал, рацIцIадал гIадамазул **нухда тIоритIе.** صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ ﴿٧﴾

Шагьидзабазул ва лъикIал муъминзабазул нухда тIоритIе, гьелда ниж даимго чIезеги гьаре.

**Жидеда дур ццим бахъарал ягьудазул нух гуреб ва жал хIакъаб жо лъаларого къосарал ва мекъаб нухде ккарал насраниязул нухги гуреб.**

Дур нухдаса гьетIарал дур тушбабздаса ниж гьаруге Аллагь جَلَّجَلَالُهُ. Исламияб диналъул нухдаса къосарал ва жидеда дур ццим бахъиги, абадияб рахIматалдаса рик1кIад гьариги тIалъарал гIадамал руго гьел.

**Амин.**

дуца жаваб гьабе бетIергьан.

Гьаб сурат, жиб кьокъаб бугониги, жиндир магIна цIакъ гъваридаб, кинабго Къуръаналда жаниб бугеб жоялда ишара гьабулеб буго. Гьедин бугелъул гьелда цIар тана уммул Къуръан абунги (Къуръаналъул эбел).

Гьаб сураталъул хиралъи бицун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Инжиталда, Тавраталда, Забуралда ва Къуръаналда жанибги рештIинчIо гьалда релълъараб цоги сурат»-абун.* Ай, хиралъиялъул рахъалъан суратул фатихIалда релъараб цоги сурат гьечIо. Х1адис имам Тирмизияс бицана лъик1аб къуч1аб бугин абун.

Гьединго аварагас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ АбусагIидида رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна:

*«Дица дуда лъазабизе буго Къуръаналда жанир ругел суратазул бищун хиралъи кIудияб сурат. Гьеб АлхIамдулиллагьи РаббилгIаламина буго»-*

абун. ХIадис имам Бухарияс бицана.

Гьаб сурат хирияб букIин гIеларищ паризаяб какил щибаб вахъун чIеялъулъ гьеб цIалулеб букIинги. Гьедин бугелъул щивав инсанас яхI бахъизе ккола гьаб сурат битIун цIализе лъазабизе ва гьелъул магIна хал гьабун, гьелъул пикру гьабун цIализеги.

Имам Муслимица Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан хIадис бицана:

*«Дида авараг ﷺ абулев рагIана: БетIергьан Аллагьас ﷻ абула: Как дидаги дир лагъасдаги гьоркьоб кIибикьараб буго (бащад гьабураб буго), ва дир лагъасе гьес гьарараб жо букIизе буго. Лагъас, кинабго рецц Аллагьасе бугоян абидал, Аллагьас абула: Дир лагъас дие рецц гьабуна абун. Цингиги лагъас абидал: жиндир гурхIел- цIоб кинабго жоялда щолев- абун, Аллагьас абула: Дир лагъас дун кIодо гьавуна абун. Цингиги лагъас абидал: къиямасеб къоялъул бетIергьан- абун, Аллагьас ﷻ абула: Дир лагъас дир къадро-къимат гьабуна, кинабго амруги дида тIамун тана абун.*

*Цинги лагъас абидал: «нижеца лагълъи дуе гьабулеб буго ва квер бакъиги дудасан тIалаб гьабула буго» абун,- Аллагьас абула: Гьаб дидаги лагъасдаги гьоркьоб буго ва дир лагъасе жинца гьарараб жо букIизе буго абун. Ахиралдаги лагъас абидал: «Дуца ниж жидее иман-исламалъул нигIмат кьурал гIадамазул нухда тIоритIе, жидеде дур ццим бахъарал гурел, жал къосараллъунги гьечIел»- абун, ТIадегIанав Аллагьас ﷻ абула: Гьаб кинабго дир лагъасе буго ва гьесие жинца гьарараб жо букIизе буго»* - абун.

Аллагьасе гIабдлъун (лагълъун) вукIиналъул магIна букIуларо цо инсан цоги инсанасул лагълъун вугеб гIадаб. МагIарул мацIалда «ГIабдулагьи»- ялъул магIна гьабуни Аллагь вокьулев ва Аллагьасе вокьулев абун-гьеб рекъела ГIабдуллагьалъе магIиналъун букIизе. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ жиндие хирияв МухIаммад ﷺ аварагасул бицунаго, гьесда ГIабдуллагьи абун буго чанго аяталда жаниб. Гьелдасан бичIизе рекъараб буго ГIабдуллагьлъун (Аллагьасул лагълъун) вукIин тIадегIанаб макъам букIин.

Исламалъул шагьид ХIасан-Албаннаца абуна: Суратул фатихIаталъул пикру гьабурав чиясда бихьула гьелъул магIнаялъул гъварилъи ва берцинлъи, гьелъул бугеб цо-цада рекъей ва пасихIлъи. Гьеб сурат бай бихьулеб буго Аллагьасул цIар рехсеялдалъун, жиндир сипатаздасан жив гурхIулев, гурхIел даимав вукIин бугев. Гьадинаб гурхIел цIоб гIатIидав Аллагь ﷻ вукIин бичIчIун хадуб лагъас гьесие рецц гьабулеб буго «АлхIамдулиллагьи раббил гIаламина»-абун, жиндие

Аллагьасдасан ругел кIудиял нигIматазда щукру гьабун ва гьев Аллагь кинабго г1аламалъул тадбир гьабулев, гьелъул бет1ергьан вук1иналде мук1урлъун.

Гьел нигIматазул бищун кIудияб буго БетIергьан Аллагьас лагъ жив лъалевлъун гьави ва битIараб хIалалъ жиндие лагълъи гьабиялда тIовитIи. Гьелда хадусел нигIматал руго сахлъи, канлъи бихьи, рагIулев вукIин, кIалъазе лъалев вукIин ва цIакъ гIемерал, жидее гIорхъи ч1вазе кIоларел руго гьел нигIматал. Щибго нилъедаса жиндие лъикIлъиниги я заралниги гьечIого, щибго жоялдаса хIинкъарав я щибго жоялда хIажатавги гьечIого, чIорого, жиндир цIоб-рахIматалдалъун гьал кIудиял ва гIемерал нигIматал кьурав БутIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жив цIакъ гурхIулев, гурхIел гIаммав ва даимав вукIин бицун, лагъас кIиабизеги абулеб буго АррахIмани РрахIими абун.

Хадуб ТIадегIанав Аллагьас, гьаб жиндир нигIматал кьейги, цIоб-рахIму гьабиги цо гIадлу-низамалда хурхунеб букIин ва ахираталда лагъасул хIисаб-суал гьабизе букIиналда кантIизарун ва гьев лагъ лъикIлъи гьабиялда гьесизе ва квешлъиялдаса нахъе къазе «къиямасеб къоялъул БетIергьанав Аллагь» абун абулеб буго.

Гьаб амру гьадин бугелъул ва лагъасда бич1чIидал жинда тIад цо амру букIин ва жиндир хIисаб-суал гьабулев вукIин, гьесда тIадаблъун лъугьана жинца битIараб нух цIехезе ва жив ахираталда витIун кколеб, гIазаб-къварилъиялдасан хвасарлъулеб гIамалги гьабизе. Гьеб битIараб, хIакъаб нухалда жив тIовитIулев чи цохIо Аллагь вукIиналда ракIчIун ва цоги кинабго жо жиндие мунфагIат гьабизе яги зарал гьабизениги кIолареб букIин лъан, лагъ Аллагьасде вуссунев вуго: «Цох1о Дуе буго Аллагь нижеца лагълъи гьабулеб ва цох1о дудасан буго Аллагь нижеца квер бакъи тIалаб гьабулеб» - абун.

Гьаб мукIурлъиги цебехун рехсон, хадуб лагъас Аллагьасда гьарулеб буго: «Дуца ниж битIараб нухда тIоритIе бетIергьан» абун. Дуца жидее тIоритIел кьурал, хIакъаб жо лъазабурал ва гьелда нахърилълъаразул нух буго гьеб. Аллагьасул свалат салам лъеял аваргзаби жиндасан хьвадараб, гьезул малъиялда рекъон, иман камилал ва ритIухъал муъминзаби (ассидикъинал жидеда абулел) жиндасан хьвадараб.

Аллагьасул диналъе гIоло: гьеб дин ракьалда тIибитIизабизе, ва цIунизе гIоло жал маликлъараб дунялалъул боц1и-малги, хадуб жидер рухIалги кьурал шагьидзаби жиндасан хьвадараб. Кинабго лъикIаб щинаб жо гьабиялда тIад чIарал: жидеца амру-нагью гьабулел, гIелму-дин малъулел, садакъа-хайрат гьабулел, мискин-пакъирасда гурхIулел «ассвалихIинал» абулел лъикIал чагIи жиндасан хьвадараб.

Аллагьасул ццим бахъарал ягьудазул нух гуреб (гьеб битIараб нух); жидее гIелму-лъай кьун хадубги жидеца хIакъаб жо рехун тарал ва жал тIоритIун хадубги гьелдасан руссарал, битIараб нухдасан къосарал, гьеб нух кодоб щоларого, ахIмакъзабигIадин хутIарал насраниязул нухги гуреб.

Гьаб гьари Аллагьасда гьабун хадуб «Амин» абизе цIакъ рекъараб буго: «Дуца жаваб гьабе БетIергьан» абураб магIна жиндир бугеб. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас гьеб «Амин» абулаан АлхIам цIалун хадуб, жинда аскIов вугев чиясда рагIулеб хIалалъ.

ТIадегIанав Аллагьасда цциве вахъун чIун гьесие гIибадат гьабун, гьев жиндир БетIергьан вукIиналда мукIурлъун, жив гьесул лагъ вукIиналдаги мукIурлъун как балев чияс жиндир какил байбихьи АлхIам цIалиялдалъун гьабула. Гьедин бугелъул гIалимзабаз гьеб АлхIамалъе тафсир (баян) гьабулаго лъикIго гIатIид гьабун, мухIкан гьабун гьелда тIад кIалъай гьабуна. Ва гьеб АлхIам магIна лъан, гьелъул пикру гьабун цIали мурад бугелъул, гьелдалъун инсанасе кантIи ва асар щвезе, дицаги мухIканал тIахьаздасан босун дагьабги баян хъвалеб буго.

Щуабилеб аят: **«цохIо Дуе буго Аллагь нижеца лагълъи гьабулеб ва цохIо дудасан буго квербакъи тIалаб гьабулеб»**-гьаб аят цIалулеб мехалъ как балев чи кантIун вукIине ккола жинца абулеб ругIиялъул магIнаялда. «Дуе буго нижеца лагълъи гьабулеб»- абураб мехалъ, кинабго гIибадаталда: как бай, кIал квей, закат-сахI бахъи, садакъа гьаби, дугIа-гьари гьаби ва цогидабги гIемер жоялда щвей гьабулеб рагIи буго гьеб. Лагълъи гьаби ва гIибадат гьаби цохIо магIна буго. ХIакъикъияб лагълъи цохIо Аллагьасе гурони букIуларо.

Гьаб магIна бичIчIараб мехалъ ва жиндир иманалъулъги ритIухълъараб мехалъ, бусурманчи кидаго цохIо Аллагьасда хьул лъолев, гьесда божулев ва гьесдасан хIинкъулев вукIине ккола. Гьедин бугелъул Аллагьас нилъеда малъун буго: «ЦохIо дуе буго нижеца гIибадат гьабулеб» абураб рагIиялда хадуб «цохIо Дудасан буго нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб» абизе.

ТIадегIанав Аллагьасул тIоритIел ва квербакъи гьечIони инсанасда кIоларо кинабгIаги лъикIлъи гьабизе. Масала, нилъеца цо чиясда гьарани дуца дир иман цIикIизабе, дие как базе, кIал кквезе квербакъи гьабе абун, гьев чиясул щибго нилъее гьабизе кIолеб жо букIуларо. Гьесда кIола нилъеда как балеб кIал колеб къагIида бицине, иман щиб жо бугеб ва кин гьеб букIулеб лъазабизе ва гьелда нилъ гьесизарун насихIат гьабизе. ХIакъикъияб гьидаят, (тIоритIел)

цохIо Аллагьасдасан буго. Гьеб гьедин букIиналъе мухIканаб далил буго Къуръаналъул аят, аварагасда ﷺ Аллагьас абулеб: **«Дуца къавмалъе вагIза гьабе МухIаммад ﷺ, мун гьезда жо малъулев чи вуго. Мун гьезда тIад виччарав гьечIо х1ал гьабун гьел дуе бокьараб жоялда рачизе»** (гъашият 21-22 аят).

Иман камилав чи жиндир ва киналго г1адамазул БетIергьан цох1о Аллагь ﷻ вукIин лъан, гIиц1го Аллагьасе гурони гIибадат гьабуларев вукIула. Гьаб даражаялда иман бахарав чиясе дунял ахираталъул киналго умурал (ишал) бигьалъула ва гьев ракI гIодоб биччан, щибго гIадамазул рагIиялъул хал гьабичIого ТIадаегIанав Аллагьасул мурад хал гьабулев ва гьелда нахъвилълъунев вукIуна. Аллагьас нилъер иман камил гьабеги.

Цоги гIалимзабаз абуна: «дица» абич1ого, нижеца цох1о дуе буго лагълъи гьабулеб ва цох1о дудасан буго нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб абиялъул хIикмат бугин: гьев лагъ цохIого БетIергьанасда цеве чIун гьаризе нечедалго, гьес киналго муъминзабигун цадахъ, гьезулги цIаралдасан гьабуна Аллагьасда ﷻ хитIаб. Гьединго буго: «Дуца ниж битIараб нухалда тIоритIе»- абулеб мехалъ «ниж» абун абиги.

Аллагь ﷻ жидеда ризиял лъикIал чагIигун цадахъ дунялалдаги рукIине бокьун ва къиямасеб къоялъ ситатIалдасаги гьелгун цадахъ ине бокьун, ахир алжаналдаги гьелгун даимлъизе бокьун: «жидеда ццим бахъаразул нухда тIоритIуге ва жал къосаразул нухдаги тIоритIуге»- абун гьарулеб буго БетIергьан Аллагьасда ﷻ гьесул лагъас, АлхIамалъул ахиралда.

Къуръаналда жидер цIар хъвач1ониги, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисаз баян гьабуна гьел «жидеда ццим бахъарал» ягьудал рукIин ва «жал къосарал» насраниял рукIин.

Гьазул нухдасан цIуни гьариялъул магIна букIуна гьезул г1амал нилъеца гьабунгутIи ва гьезулгун гьудуллъи, гьалмагълъи гьабунгутIиги. Аварагасдасан ﷺ бицараб хIадис буго:

*«Аллагьас тушманлъун ккурал гIадамал нужеца гьудалзабилъун гьаруге абун.»* Хирияв Аварагас ﷺ гьаб рагIи абиялъе гIиллаги буго ТIадегIанав Аллагьас Къуръналда абун букIин:

**«Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца насраниялги ягьудиялги гьудулзабилъун ккоге. Гьел цоцазе гьудулзаби руго. Гьел насраниял ва ягьудиял гьудуллъун ккурав чи гьездасан вуго. ХIакълъунго Аллагьас ﷻ зулму гьабулеб къавм тIобитIуларо».** (маидат 51 аят).

ТIадегIанав Аллагьас «гьел цоцазе гьудулзаби руго» абураб рагIиялъул

магIна буго исламалда ва бусурбабазда данде рахъизе, гьезда тушманлъи гьабизе гьел цадахъ лъугьун хIалтIулел руго абураб. Гьаб заман тIубанго Аллагьасул гьаб рагIиялъул магIна загьирлъараб къо буго ва нилъеда якъинго бихьулеб буго кинаб тIадцуй гьез бусурбабазда гьабулеб бугеб.

Хадубги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъи кьун абулеб буго: «**Нагагь нужеца гьезулгун гьудуллъи ккуни, нуж гьезул хIалалде сверула, купруширкалде ун жужахIалде ккезе бегьула**»- абун.

Цоги ТIадагIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: «**Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер дин махсароде гьабулел ва гIодобегIан гьабулел капурзаби нужеца гьудулзабилъун ккоге; нужеде цебе жидехъ тIехь кьурал китабиял ругониги, т1ехь кьеч1ел мушрикал ругониги. Аллагьасдасан جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа гьеб иш гьабизе, нуж иман лъурал гIадамал ратани**» (маидат 57 аят).

Гьаб аятальги лъазабулеб буго гьел куфарал ва мушрикал нилъер дин гIодобегIан гьабулел чагIи рукIин ва гьезулгун гьудуллъи гьабизе бегьунгутIи. Дин гIодобегIан гьаби ва махсароде гьаби буго бусурбаби шаргIалда рекъон хIукму гьабизе тунгутIи. ШаргIалда хIарам гьабураб мехтулеб жо тIибитIизаби, гIолохъанаб гIел хъахIбалъи гьабизе ва цогидабги инжитаб жоялда ругьун гьари. Къокъго абуни кинабго берцинаб, лъикIаб исламияб нух тезабун, гьелъул гIаксалда бугеб квешаб, чорокаб, къабихIаб жоялда куцулеб буго гIолохъанлъи.

Гьадинаб берцинаб, магIна гъваридаб, инсанасе х1ажатаб жоялда гьев тIовитIулеб жо буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам. Гьеб Къуръаналъул пикру гьабурав, гьелъул магIна бичIч1арав чи, иншаАллагь, хIакъаб нухде вачIила ва Къуръаналъ малъухъин хьвадила.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъ кьеги жив разияб г1амал гьабизе.

## 2. Суратул Бакъарат

سُورَةُ البَقَرَةِ

*Маккаялда решт1изабураб, жинда жаниб анкьго аят бугеб.*

*Къуръаналда жаниб бицун халатаб (к1удияб), гIемерал шаргIиял масъалаби рицулеб сурат буго гьаб. Инсан жинда хIажалъулеб гIакъидаяллъул (рекIелчIей, иман лъей), гIибадаталъул, чорхол тIабигIатазул, даран-базар ва ригьин гьаби, цогидалги гIемерал масъалаби рицун руго.*

*Сураталъул авалалда бицулеб буго гьаб хирияб Къуръан гIадамал хIакъаб исламияб диналда тIоритIулеб, жиб ритIухъаб, ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин. Хадуб баян гьабулеб буго Аллагьасда иман лъей хал гьабун гIадамазул лъабго къокъа букIин: муъминзаби, капурзаби ва мунафикъзаби. Хадуб муъминзабазе роххел бицун капурзабазе хIинкъи кьун, киналго гIадамазда лъазабулеб буго гьез гIибадат гьабизе тIадав цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурони гьечIеблъи.*

*Бануисраилазулги Муса عَلَيْهِالسَّلَامُ аварагасулги къисса бицун вагIзаги гьабулеб буго. Хадуб Ибрагьим аварагасулги ИсмагIилилги عَلَيْهِمَاالسَّلَامُ къасса бицун гьез кагIба рукъ бай баян гьабун буго. Хадуб къиблаялъул масъала баян гьабун буго. Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабулел чагIазул сипатал ва гьезул хIукму бицун буго.*

*Исламияб диналда жанир хIалал гьарурал ва хIарам гьарурал жалги рицун руго, как-кIалалъул, закат-сахIалъул бицун буго. ХIажгун гIумраялъул, ирсалъул, васияталъул масъалабиги рицун руго. Ригьин гьаби, ригьин биххи, лъимер хахизаби, гIидаялда руччабаца базе кколеб заманги бицун буго. (ГIида абула рос хварай яги гьесдаса ят1алъарай гIаданалъ цоги росасе инелде цебе жиндирго рокъой чIун базе кколеб заманалда).*

*Даран-базаралъул, рибаялъул, хамро (мехтулеб жо) гьекъеялъул, гьоркьоб жо лъун хIалел хIарамал хIаязулги бицун буго. Сураталъул ахиралда муъминзабазе дугIаги гьабун буго.*

*Гьаб сураталда жаниб жидер кIвар бугел чанго къагIидаги бицун буго.*

*Гьезул бицунго аслияб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нухда хьвади ва ракьалда т1ад цох1о гьесул дин букIиналъе г1оло хьвади дунялалъулги*

*ахираталъулги бахьибуголъиялъе сабаблъун букIин. Жиндир гIакълолъай бугев чияс тIадегIанабги гIодобегIанабги жо батIа гьабизе ккола, лъикIаб жо тIасабищун квешаб тезе ккола.*

*Диналъул аслоги лъабго жо букIин баян гьабун буго: Аллагьасда иман лъей, ахираталда иман лъей, Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьаби. Ахираталда жазаъ (жинца гьабураб гIамалалда данде гьабулеб тамихI яги лъикIлъи) гьабизе буго инсанасул иман лъейги гьес гьабураб гIамалги кIиябго цадахъ хал гьабун. Гьаб ракьалда тIад гIаммаб ханлъи букIизе ккола Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *диналъе ва гьесул шаригIаталъе. Купруялъеги, зулмуялъеги ханлъи ва тIалъи букIизе бегьуларо. Аллагьасул диналда ритIун чIараб мехалъ исламияб уммат цолъула ва цоцазде рекъон къуват-гучги цIик1кIуна. Гьел диналъулъ загIиплъараб мехалъ гьезул цолъиги хола, ханлъиги тIаса уна.*

*Т1адегIанал мурадазде щвезе бокьарав чияс сабру гьабиялдалъун, какал раялдалъун квербакъи тIалаб гьабула. Г1елму гьечIого цоги щив вугониги чиясда нахърилъиналъ жагьиллъи ва тушманлъи цIикIизабула. Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *гурони шаргI лъезе ихтияр гьечIо. Гьес лъураб шаргI хвезабизеги ихтияр гьечIо. Аллагьас инсанасда хIал кIолареб гIибадат гьабеян амру гьабуларо. Инсанас жиндирго напс гьалаг гьабиги шаргIалда хIарам гьабураб буго. Исламияб дин ва исалмияб ракь цIунизе, Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *гьабулеб дин камилго гьабизе рес лъугьизе гIоло гъазаватги гьабула. Кинавниги инсан жиндир напсалъ гьабураб гIамалалъул жазаъ жиндие гьабулев вуго. Гьадинал кIвар бугел масъалаби ва къагIидаби руго гьаб хирияб сураталда жанир.*

*Суратул Бакъараталъул хиралъи бицарал х1адисалги руго. Гьездаса буго имам Муслимица жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адис: Аварагас* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *абуна:*

*«Нужеца нужер рукъзал хобаллъун гьаруге (ай, рокъоб Къурьан ц1але, как бай). Х1акълъунго, жинда жаниб суратул Бакъарат ц1алулеб рокъоб щайт1ан лъугьуларо»-абун.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*** بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Алиф, Лам, Мим.** الٓمٓ ①

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупал сураталъул байбихьиялда лъеялдасан бугеб жиндир мурад.

Къурьаналъе тафсир гьабурал гIалимзабазул г1емерисез гьадин абуна

суратазул авалалда ругел хIарпазе тафсир гьабун. Гьелдасан батIияб рагIи бицарал гIалимзабиги руго. Масала: гьел хIурупал сураталда цIар бугин, гьел Аллагьасул ﷻ цIаралъул х1урупал ругин, гьел Къуръан жинца инсан гIажиз гьавулеб ва гьев инсан жинда релъараб жо гьабизе кIоларев вукIиналда мукIур гьавулел хIурупал ругин-абун. Кинниги рекъараб буго гьел хIарпал цIалун ва гьезул хIикмат-мурад ц1ехечIого, гьелда иман лъун тезе.

**2. Гьаб нилъеца цIалулеб ТIадегIанав Аллагьасул калам жаниб хъвараб тIехь,** ذَٰلِكَ ٱلْكِتَٰبُ لَا رَيْبَ فِيهِ هُدًى لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٢﴾
**щибго щаклъи гьечIого, Аллагьасдасан хIинкъун, хIарамаб тун, купру-ширкалдаса цIунун, тIагIат гьабун хьвадулел муъминзаби жинца тIоритIулеб нур буго.**

**3. Гьел Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго жидеца гъаибаб жоялда иман лъолел, гьелда божулел.** ٱلَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِٱلْغَيْبِ وَيُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَمِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ يُنفِقُونَ ﴿٣﴾
(Гъаибаб жо буго жидеда бихьич1еб, цебехун лъугьарабниги хадуб лъугьизесебниги жо) **ва жидеца рукугI, сужда камил гьабун, Аллагьасе хIелун как балел ва жидее Дица кьурал нигIматаздаса паризаяб закат-сахIги, суннатаб садакъаги, хъизамалъе напакъаги кьолел.**

Иман лъей абураб рагIиялъул магIна буго цо жо ритIухъ гьаби ШаргIалда иман лъеялъул магIна буго: ракIалъул божигун цадахъ кIалалъ нугIлъи гьабун лугбаз гIамал гьаби. Гъаибаб жоялда иман лъеялъул мурад буго кинабниги Аллагьас ﷻ ва аварагас ﷺ бицараб, жиб бихьулеб бакIалда гьечIеб жоялда иман лъей. Гьелда гьоркьобе уна бищунго цебе ТIадегIанав Аллагьасда иман лъей, малаикзабазда, Аллагьасул тIахьазда, аварагзабазда, ахир къоялда ва Аллагьасул къадаралда иман лъей. Гьединго алжан, жужахI, хIисаб, мизан, сиратI ва цогидалги умураздa иман лъей.

Гьаб нахъа ккараб заманаялъ: жидеда свалат салам лъеяв Аварагги вихьичIел, гьесул асхIабзаби ва гьезда хадусел лъикIал гIасрабазул лъикIал гIадамалги рихьичIел ва амма Аллагьасдаги ﷻ аварагасдаги ﷺ ва гьес бицараб жоялдаги иман лъурал ва гьелда гIамал гьабурал муъминзаби асхIабзабаздасаги хириял рукIинаян абун буго кириялъулъ.

Имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: АбужумгIатица رضي الله عنه бицана: *«Нижж аварaггун* ﷺ *цадахъ радал квен кваналел рукIана ва нижгун цадахъ АбугIубайдат ибну ЖарахI вукIана (*гьев вуго алжаналдалъун рохел бицарав асхIаб). *Цинги гьев АбугIубайдатица*

*абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Нижедаса лъикIав цоги щивго чи вугищ? Нижеца мунгун цадахъ иманги лъуна ва мунгун цадахъ Аллагьасул диналъе гIоло жигьадги гьабуна» абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Руго. Гьел руго жидеда дунги вихьичIого дида иман лъурал гIадамал»* абун.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Къуръаналда жаниб какги, боцIи-мал напакъаде кьейги гIемер рехсон буго кIиябго цо-цазда хурхун. Гьелъул хIикматги буго: как бай Аллагьасе бугеб хIакъ буго, гьесие гьабулеб гIибадатги буго. Гьелда жаниб Аллагь цо гьави, гьесие рецц гьаби, Аллагь кIодо гьави, гьесда гьари, хIели, Аллагьасда таваккал тIами, мугъчIвай, гьесдаса хIакъаб, битIараб жоялда тIоритIи тIалаб гьабиги буго.

БоцIи, мал напакъаде кьей инсанасул хIакъ буго. Гьелъулъ цо инсанас цогидасе лъикIлъи гьаби буго. Жидее лъикIлъи гьабизе мустахIикъалги жинда напакъа тIадаб агьлу-хъизан буго, хадур гIагарал чагIи, мадугьалзаби, гьудулзаби руго, хадур цогидал бусурбаби руго. Бищун цеве гьавизе кколевги жиндир хIажалъи цIикIкIарав пакъирав, загIипав, гIажизав чи вуго.

Унгого инсанас пикру гьабуни жив какилъ вукIадго рукIугIалда араб мехалъ жинца бетIер гIодоб лъие къулун бугеб абун, ва жинца гьеб бетIер къулулареблъи жинда ващадасе, я жиндаса къадро къимат тIокIасеги, цинги ракIалъ Аллагьасда хитIабги гьабун хIелиги гьабуни:

*«Я БетIергьан Аллагь! мун кIудияв вугоха БетIергьан ва кинабго реццги дуе буго дица дуе рукугI гьабуна, дуда иманги лъуна ва дур амроялда нахъги вилъана, дир нусабго лага дуе мутIигIаб ва хIелулеб буго, дуца дир мунагьал чуре Аллагь, мун дидаги гурхIа Аллагь ﷻ абун».* Гьаб буго рукугI камил гьаби, гьелдаса жиндие мунфагIатги щола, иншаАллагь.

Гьединго инсанас пикру гьабизе рекъараб буго жив суждаялда араб мехалъ кигIан гIодовегIанлъун, хIелун, мутIигIлъун жив вугев абун. Цониги чияс дие сужда гьабе, гурони дица мун чIвазе вугин абураб мехалъги сахав, яхI бугев, бахIарчилъи бугев чияс гьесие сужда гьабиларо. Аллагь ﷻ вукIиналдаги божун, гьесул амруялда нахъги вилълъун, щибго дуда тIад хъаравуллъи гьабулев чиги гьечIого гьеб сужда БетIергьан Аллагьасе ﷻ гьабураб мехалъ, гьеб цIакъго инсан жиндир хIалалда ургъизе ккараб бакI буго.

Цинги гьеб суждаялда вукIадго абизе рекъарабги буго:

*«Мун цIакъ ТIадегIанав вугоха Аллагь ﷻ. Дица дуе буго сужда*

*гьабулеб ва кинабго рецци дуе буго: Дуца дун вижарав, дие бихьи, рагIи ва цогидалги жудедалъун жо лъалел лугби гьарурав. Дуца дир мунагьал чуре ва мун дида гурхIа Аллагь* ﷻ*»* абун. Чанги чи вукIуна жиндир рукугI, сужуд ва цогидалги какил арканал ц1акъ мугьмалго, адаб гьечIого, гIедегIун гьарулев.

Гьаб нилъеца бицараб х1алалъ жиндир магIнаги хал гьабун рукугI, сужуд гьабураб мехалъ гьев инсан Аллагьасдаса нечезе ккела гьесда гIасилъизе ва хIарамаб жо гьабизе: ай додигIанго Аллагьасда цеве гIодовги къулулев, цинги бетIерги ракьалда цузабун Аллагьасе ﷻ гIодогIанлъун, хIелун вукIунев чи, гьеб жиндир пишаги кIочIон, гьедин хIелун мукIурлъун жинда цеве чIолев Аллагьасда кин гIасилъулев?

وَالَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِمَا أُنزِلَ إِلَيْكَ وَمَا أُنزِلَ مِن قَبْلِكَ وَبِالْآخِرَةِ هُمْ يُوقِنُونَ ﴿٤﴾

4. **Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго МухIаммад** ﷺ**, дуда рештIизабураб Къураналда ва мун жиндалъун витIараб диналда иман лъолел ва дуда церехун рукIарал аварагзабазда рештIизабураб жоялдаги** (инжил таврат ва цогидалги т1ахьал) **иман лъолел, ва ахир къо букIинги щибго шаклъи гьечIого жидеда лъан гьелдаги иман лъолел.**

ШаргIияб иман лъей тIубаларо нелъеца церехунги рицарал ва гьанирги рицарал киналго гьаибиял умуразда иман лъун гурони. Масала: цохIо ТIадегIанав Аллагьасда ﷻ иман лъун, божун, цогидаб жо божичIого тарав чи бусурманчи вукIунаро. ТIадегIанав Аллагьасда иман лъеялъул магIнаго буго гьес ритIарал аварагзабаздаги, гьезда рештIизарурал тIахьаздаги ва гьел тIахьазда жаниб бицараб жоялдаги иман лъей. ЦохIо Къуръаналъул рагIиялда божичIони, яги цохIо мухIканаб аварагасул хIадисалда божичIони, гьев чиясул иман биххула. ЦIакъ жинда кантIизе ккараб ва цIодорлъи гьабизе кколеб масъала буго гьеб.

أُولَٰئِكَ عَلَىٰ هُدًى مِّن رَّبِّهِمْ ۖ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٥﴾

5. **Гьел церехун рехсарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан жидее тIоритIел бугел,** жидер рекIелъ иманалъул нурги бугел, жидее хIакъаб жо лъарал муъминзаби. **Ва гьел руго жидер лъикIлъиялда кверщел батаралги.** Дунялалъул ва ахираталъул лъикIлъи жидее щварал. Жидеца тIалаб гьабулеб Аллагь ﷻ разилъи щварал, гьел жиндаса лъутулеб, хIинкъулеб квешлъиялдасаги хвасарлъарал.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ гьаб щуго аяталда жаниб муъминзабазул бецен гьабидал ва гьезул сипаталги рициндал, гьелда нахърегIизабуна

капуразул сипатал рицараб к1иго аят. Гьелдалъун загьир гьабуна капураздаги бусурбабаздаги гьоркьоб бугеб, лъикIал чагIаздаги квешал чагIаздаги гьоркьоб бугеб, бахьибугеб ва бахьикъосараб агьлоялдаги гьоркьоб бугеб баянаб бат1алъи.

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ سَوَآءٌ عَلَيۡهِمۡ ءَأَنذَرۡتَهُمۡ أَمۡ لَمۡ تُنذِرۡهُمۡ لَا يُؤۡمِنُونَ ۝٦

**6. ХIакълъунго, Аллагьасул аятаздаги, МухIаммад ﷺ авараг вукIиналдаги инкар ккурал гIадамал, гьезие щибго батIалъи гьечIо дуца Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьуниги, хIинкъи кьечIого жалго таниги: гьез иман лъоларо ва мун жиндалъун вачIараб дин ритIухъ гьабуларо.**

Гьедин бугелъул дур хьул лъоге гьез иман лъелин абун ва дур ракIги къварилъуге гьез мун ритIухъ гьавичIин абун. Щайха гьез иман лъолареб абуни:

خَتَمَ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمۡ وَعَلَىٰ سَمۡعِهِمۡۖ وَعَلَىٰٓ أَبۡصَٰرِهِمۡ غِشَٰوَةٞۖ وَلَهُمۡ عَذَابٌ عَظِيمٞ ۝٧

**7. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул ракIазда мугьро (печать) чIвана:** гьел ракIазда жаниб иманалъул нур лъугьунаро. **Ва гьезул гIундуздаги мугьро чIвана, беразда тIад тIалъелги буго: гьел рацун, руччун гьезда жо рагIизе ва бихьизе толареб. Ва гьезие ахираталда гучаб гIазаб букIизе буго:** жиб нахъасан къотIулареб ва тIаса босулареб, гьез иман лъезе инкар кквей сабаблъун ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал гьереси гьари сабаблъунги.

Имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго Ибнужаририца абунин: Дида хирияв Аварагасдаса ﷺ бицараб хIадис рагIана. Гьес абуна: *«Муъминчияс мунагь гьабураб мехалъ гьесул ракIалда тIад чегIераб тIанкI лъугьуна, цинги гьес хехго тавбо гьабун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабуни, гьеб тIанкI нахъе уна ва ракIги бац1ц1алъула. Тавбо гьабичIого гьев мунагьазулъ хьвадани гьеб чIегIерлъиялъ тIубанго ракI бахчизабула»* абун. Имам Загьабияс х1адис кьуч1 гьабуна.

Гьеб буго ТIадегIанав Аллагьас «Гьезул ракIазда тIад хьал лъугьун буго гьез гьарурал мунагьазул»- абураб рагIиялъул магIнаги. Гьадин мунагьал гIемер гьарураб мехалъ гьез ракI жаниб иманалъул нур лъугьунареб гьабула. Гьеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда мугьро ч1вана абураб рагIиялъул магIнаги. Жаниб иман лъугьунарел ракIал капурал, купроялдаса хвасарлъуларел рукIуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул дуг1а буго, нилъеца гьабизе гIоло жинца абураб: *«Я ракIал сверизарулев БетIергьан! Дуца нижер ракIал дур диналда ч1езаре»*- абун.

Иманалда даимлъизе ва гьеб ц1ик1кIине бокьарав чияс мунагьал тезе ккела ва Аллагьасда ﷻ гьаризеги ккела жив битIараб диналда чIезавеян абун.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ муъминзабазул ва капуразул сипатал рицун хадуб, гьезда нахърегIизарун мунафикъазул сипаталги рицана: гьеб буго жал киназдаго лъаларел ва жидер зарал ц1ик1араб къокъа, гьедин бугелъул гьезул хIакъалъулъ анцIила лъабго аят рештIизабуна гьаб капурзабазул бицараб бак1алда хадуб.

**8. ГIадамаздаса цо къокъа буго жидеца абулел нижеца Аллагьасда ﷻ иман лъунин ва ахир къиямасеб къоялдаги иман лъунин абун, ва амма гьел жидеца иман лъурал гьечIо.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَقُولُ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَبِٱلْيَوْمِ ٱلْـَٔاخِرِ وَمَا هُم بِمُؤْمِنِينَ ﴿٨﴾

**9. ТIадегIанав Аллагьги ﷻ муъминзабиги гуккулаян руго гьел. Амма гьез жидерго напсал гуккулел руго ва гьезда гьаб хIукму гьадин букIинги лъалеб гьечIо.**

يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَمَا يَخْدَعُونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿٩﴾

**10. Гьезул ракIазулъ унти буго** (шаклъи буго) **ва Аллагьас гьезул шаклъи ц1ик1изабула** нифакъ ц1икIизабун. **Ахираталда гьезие цIакъ жинца унтизабулеб гIазаб букIизе буго гьезул гьересиялда данде.**

فِى قُلُوبِهِم مَّرَضٌ فَزَادَهُمُ ٱللَّهُ مَرَضًا ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌۢ بِمَا كَانُوا۟ يَكْذِبُونَ ﴿١٠﴾

Гьез гъаибаб жо гьереси гьабун гьелда иман лъолеб букIинчIо, иман лъун бугин абун муъминзабазда гьересиги бицунеб букIана. Нифакъ буго: <u>жинца лъикIаб жо гьабулеблъун бихьизаби, жиндир ракIелъ квешлъи гьабиялда къасдги букIун</u>. Мунапикъ абула диналда жанив загьиралда муъминзабигун вукIунев, амма ракIелъ иман гьечIев чиясда. Гьесул хIукму буго абадияб жужахIалда вукIине вугин абураб. Мунапикълъи чиясул гIамалазулъги букIула. Гьеб буго бицулеб рагIиги, гьабулеб пишаги данде ккунгутIи. Жиндир ракIги кIалги цо-цазде хилиплъун букIин.

Гьаб нифакъ цIакъ кIудияб мунагьаздаса буго. Гьелда жаниб гIадамал гукки, гьел махсароде гьари буго. Жегиги гьел мунапикъазда ракIалда кколеб буго жидеца цо-цо муъминзаби гуккарал гIадин, Аллагьги ﷻ гуккила абун. Жив ТIадегIанав ва ВацIцIадав вуго БетIергьан Аллагь гьединаб мукъсанлъи жинда тIад бач1иялдаса.

«Гьезул ракIазулъ унти буго» абураб рагIи цIакъ гъваридаб магIнаялда буго: гьезул ракI унтун буго абичIо, гьеб рак1 чорхол цо лага бугелъул ва гьеб бокьараб мехалъ бокьарав чиясулги унтулеб жо бугелъул. РакIазулъ унти букIин буго гIакълоялъулъ унти букIин ва гьел мунапикъзаби жидер гIакъло тIубачIел рукIин.

Кинха гьел гIакъло тIубарал рукIинел, гьаб дунялалда ралел дагьал къоязул маслахIат хал гьабун ахираталда абадияб жужахIалда рукIине жал разилъулел?

Гьаб лъабго аяталда жаниб гьел мунафикъзаби шал ругелги бицун, хадуб ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул гIамалал ва рагIаби баян гьарун абуна:

**11. Гьел мунапикъазда абураб мехалъ** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъун, купро ширк гьабун, **ракьалда пасалъи гьабуге абун, гьез абула ниж пасалъи гьабулел гьечIин, ниж ругин лъикIлъи гьабулел чагIи абун.**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ لَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ قَالُوا إِنَّمَا نَحْنُ مُصْلِحُونَ ﴿١١﴾

**12. Нужеда лъай гьел ракьалда пасалъи гьабулел рукIин ва амма жидерго ахIмакълъиялъ гьезда гьеб лъалеб гьеч1о.**

أَلَا إِنَّهُمْ هُمُ الْمُفْسِدُونَ وَلَٰكِن لَّا يَشْعُرُونَ ﴿١٢﴾

ХIакълъунго зобал-ракьазул лъикIлъи, гьениб баракат ва паракъалъи букIин Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиялъулъ ва гьесул амруялда нахърилъиналъулъ буго. Цо гIадамаз гIасилъаби ва зулмаби гьарураб мехалъ, гьелъул баракат гьечIолъиялъ ракьалда пасалъи ккола.

Ибнужаририца абуна: нифакъалъул агьлуялъ ракьалда пасалъи гьабула Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIассилъиялдалъун, гьабугеян нагью гьабураб жо гьабун ва Аллагьсул парзал тIурачIого тун (как, кIал, закат ва цогидалги). Жал диналъулъ шакдарулел рукIун ва жидеца муъминзаби гуккулел рукIун, нижги иман лъурал чагIи ругин абун. Жидее рес рекъараб мехалъ купру- ширкалъул агьлогун цадахъ лъугьун Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарал муъминзабазе зарал гьабулел рукIун-абун.

«Нижеца ракьалда маслихIат гьабулеб бугоян»- абулеб букIана гьез: ниж ругин капурзабадаги бусурбабаздаги кIияздаго хIал рекъезаби бокьарал абун. Гьаб жо унго унгояб пасалъи буго, ТIадегIанав Алллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда гIасилъиги буго: **«муъминзаби муъминзабазе гьудулзаби рукIа ва Аллагьасул тушбаби ягьудиялги насраниялги нужеца гьудулзабилъун ккоге»**- абураб. Ц1акъ жиб тIибитIараб, кинабго заманалъ букIараб ва жакъаги гIемер гIадамаз хIалтIизабулеб нифакъ буго гьаб. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ

цIунаги гьеб нифакъалъул агьлуялдаса.

**13. Гьел мунафикъазда абидал, нужеца иман лъе гьал цогидал гIадамаз иман лъураб гIадин абун:**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ ءَامِنُوا۟ كَمَآ ءَامَنَ ٱلنَّاسُ قَالُوٓا۟ أَنُؤْمِنُ كَمَآ ءَامَنَ ٱلسُّفَهَآءُ ۗ أَلَآ إِنَّهُمْ هُمُ ٱلسُّفَهَآءُ وَلَـٰكِن لَّا يَعْلَمُونَ ﴿١٣﴾

жиндилъ шаклъи гьечIеб, рияъги гьечIеб. (Рияъ абула: гIадамал разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабиялда). Жидеда Аллагь разилъаял аварагасул ﷺ хириял асхIабзабаз лъураб гIадин. Кинабго амруялда нахърилъа, кинабго квешлъиги те. Ахират букIиналдаги, алжан-жужахI букIиналдаги божа, гьел капурал чагIиги гьезулгун хурхенги те абун.

**Гьез абула: Гьел ахIмакъал, гIодорегIанал гIадамаз гIадинищ нижеца иман лъолеб?- абун.** Жидеда Аллагь разилъаял хириял асхIабзаби рукIана гьез ахIмакъал чагIилъун рикIкIунел: гьезда гьоркьор лагъзал, мискинал, пакъирал гIадамал рукIиналъ. Гьедин бугелъул Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ абуна:

**«Нуж кантIе гIадамал! Гьал мунапикъзаби руго хIакъикъиял ахIмакъзаби ва гьезда гьедин рукIинги лъалеб гьечIо»**-абун. Бищунго инсанасул ахъмакълъи загьирлъулеб бакI буго гьесда жиндир макъам, къадру, гIелму, гьунар лъачIеб заман.

**14. Иман лъурал гIадамал жидеда аскIор ккедал гьез абула нижги нужгогIадал муъминзаби ругин абун. Цинги жидер щайтIабазда:**

وَإِذَا لَقُوا۟ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا وَإِذَا خَلَوْا۟ إِلَىٰ شَيَـٰطِينِهِمْ قَالُوٓا۟ إِنَّا مَعَكُمْ إِنَّمَا نَحْنُ مُسْتَهْزِءُونَ ﴿١٤﴾

ягьудиязул гIалимзабазда ва купру-ширкалъул кIудиязда **данделъараб мехалъ, гьез абула: нижж руго нужгун цадахъ ругел. Дол муъминзаби махсароде гьарун абула нижеца,** долгун данделъараб мехалъ **нижги муъминзаби ругин абун.**

**15. ТIадегIанав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго гьел мунапикъал махсароде гьарулев ва гьел жидер къосиналъулъ халат гьарулевги, гьезда хIакъаб жоги лъаларого бугеб хIалалъ.**

ٱللَّهُ يَسْتَهْزِئُ بِهِمْ وَيَمُدُّهُمْ فِى طُغْيَـٰنِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١٥﴾

Гьезул къабихIал гIамалаздалъун Аллагьас гьезул ракIазда мугьру чIвана ва жаниб иманалъул нур лъугьуларел гьаруна. Гьезул бералги бецц гьаруна хIакъаб жо бихьиялдаса ва гьезул гIундулги гIинкъ гьаруна битIараб рагIи рагIиялдаса.

Гьаб бакIалда буго ва цоги гIемерал бакIаздаги букIула, Аллагьасул каламалъулъ загьиралда магIна гьабун битIун бачIунареб бакI.

Масала: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абуна: «жидеца муъминзаби махсароде кколел мунапикъзаби дицаги махсароде кквела»-абун. Гьалъул магIна буго: гьел мунапикъаз гьабураб квешаб гIамалалда данде Аллагьас гьезие гьелда релъараб жазаъ гьабула абураб. Лагъзадерил квешаб гIамал, мекъаб иш, гьезул рахъалъан Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъунгутIи буго, цинги Аллагьас гьелда данде жазаъ гьаби Аллагьасул гIадло букIула. Цоги мисал буго: «Квешлъиялъул жазаъ гьелда релъараб квешлъи гьаби буго»- абураб. Гьалъул магIна буго квешаб жоялда данде жазаъ гьабула гьеб квешлъиялъе гьабизе кколеб ва гьелда рекъараб абураб. Гьаб бичIч1изе кколеб масъала буго.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ ٱشۡتَرَوُاْ ٱلضَّلَٰلَةَ بِٱلۡهُدَىٰ فَمَا رَبِحَت تِّجَٰرَتُهُمۡ وَمَا كَانُواْ مُهۡتَدِينَ ۝١٦

**16. Гьел нифакъ гьабулел гIадамал руго жидеца Аллагьасул рахъалъан бугеб тIоритIелги бичун, гьелъухъ къосин, купру босарал. Гьазул гьаб дарам хайир гьечIеб буго ва гьал гIадамалги хIакъаб жоялда гьечIо.**

Гьаздаса дунялалъул ва ахираталъул кIиябго лъикIлъи борч1ун ун буго. Иманги бичун купру боси, ва гьеб гIодобегIанаб купруялъухъ ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тIоритIел кьей,- гьаб ц1акъ ахIмакъал чагIазул дарам буго.

مَثَلُهُمۡ كَمَثَلِ ٱلَّذِي ٱسۡتَوۡقَدَ نَارٗا فَلَمَّآ أَضَآءَتۡ مَا حَوۡلَهُۥ ذَهَبَ ٱللَّهُ بِنُورِهِمۡ وَتَرَكَهُمۡ فِي ظُلُمَٰتٖ لَّا يُبۡصِرُونَ ۝١٧

**17. Жидер ахIмакълъиялъулъ гьал релъун руго бецIаб сардилъ цIа бакарал гIадамазда. Цинги гьеб цIаялъ жидеда сверухъ бугеб жо бихьизе гIагарлъараб мехалъ** ва жидее хинлъи щведал, хIинкъиги тIаса индал, **Аллагьас гьеб цIа свинабураб ва щибго жо бихьулареб бецIлъиялъулъ жал тарал.**

Гьез бакараб цIа букIана Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие кьураб тIоритIел, ва амма гьел гьеб тIоритIелги тун купруялде руссиндал, гьел ц1акъ гучаб бец1лъукье ккана: нифакъалъул, шакдариялъул, купруялъул бец1лъи буго гьеб.

صُمُّۢ بُكۡمٌ عُمۡيٞ فَهُمۡ لَا يَرۡجِعُونَ ۝١٨

**18. Цинги гьел гIинкъал лъугьана,** жидеда хIакъаб жо рагIуларел, **мацI лъаларел, кIалъазе кIоларелги лъугьана** жидеда щибго лъикIаб рагIи абизе лъаларел. **Беццалги лъугьана:** къосиналъул беццлъи буго гьеб ва жидер ракIазул беццлъиги буго. **Цинги жал гьаб къосараб, гьалаглъараб**

**хIалалдаса хIакъаб нухдеги руссуларо.**

أَوۡ كَصَيِّبٖ مِّنَ ٱلسَّمَآءِ فِيهِ ظُلُمَٰتٞ وَرَعۡدٞ
وَبَرۡقٞ يَجۡعَلُونَ أَصَٰبِعَهُمۡ فِيٓ ءَاذَانِهِم مِّنَ
ٱلصَّوَٰعِقِ حَذَرَ ٱلۡمَوۡتِۚ وَٱللَّهُ مُحِيطُۢ بِٱلۡكَٰفِرِينَ ١٩

**19. Цоги мисал буго гьел мунапикъазул зодисан чвахун балеб цIадалда релълъун: жибгун цадахъ гьуриги пириги, гъугъайги бугеб ва гучаб бецIлъиги бугеб. Кутакаб хIинкъи рекIелъе рехун, жидеца гIинзунир килщал къазарулел; пири речIун гьалаглъилин хIинкъун,** ва гьабизе жо тIагIун, гьел гIундул руччани (рацани) жал хвасарлъилин ракIалда ккун. **ТIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьел капурзабазда сверун лъугьарав вуго:** кинабго рахъалъан гьел рихьулев, гьезул хIал лъалев вуго ва гьесул гIазабалдаса гьел рорчIуларо.

يَكَادُ ٱلۡبَرۡقُ يَخۡطَفُ أَبۡصَٰرَهُمۡۖ كُلَّمَآ أَضَآءَ
لَهُم مَّشَوۡاْ فِيهِ وَإِذَآ أَظۡلَمَ عَلَيۡهِمۡ قَامُواْۚ
وَلَوۡ شَآءَ ٱللَّهُ لَذَهَبَ بِسَمۡعِهِمۡ وَأَبۡصَٰرِهِمۡۚ
إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٢٠

**20. Пири пирхараб мехалъ гьелъ жал беццлъизаризе гIагарлъула. Гьеб пири пирхун гвангъи рехараб мехалъ, гьеб канлъиялъулъ гьел церехун уна. Цингиги бецIлъараб мехалъ жал чIола:** нух бихьуларого ва квешаб бакIалда ккеялда хIинкъун. **БетIергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьезул канлъиги рагIиги инабилаан. ХIакълъунго Аллагь кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**

ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мунапикъазул бицун бачараб гьаб кIиго мисал гьезул гIемерисезул хIалалда тIоритIел гьабулеб буго.

«Чвахун балеб цIадги бецIлъиги» буго гьезул шаклъи, купру, нифакъ. Гьезул ракIал хIинкъизарулеб «зоб гъугъай» буго кидаго гьезул рекIелъ хIинкъи букIин. Гьелда тIоритIел гьабулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рагIиги буго «Гьел мунапикъазда ракIалде ккола кинабго борхараб гьаракь жидеде гьабураб бугилан». (Алмунафикъун 4)

Пири пирхи буго цо-цо мехалъ гьезул рекIелъ лъугьизе къасд гьабулеб иманалъул кунчIи. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Пириялъ гьезул канлъи иналде ккезабула» абун. Гьелъул магIна буго жидер рекIелъ хIакъаб жоялъул кунчIи лъугьулеб мехалъ, гьезул ракIал заг1ипал рукIиналъ, иманги загIипаб букIиналъ гьезда гьеб кунч1и хIехьезе кIоларо. Гьеб иманалъул нуралъулъ гьел дагьалго рилълъуна, ва хехго гьеб нурги тIагIун добго бец1лъиялъулъ ва хIайранлъиялъулъ ккола.

Мунапикъазе хIинкъи кьун, гьел кантIизе бокьун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул бицарал аятазул ахиралда абулеб буго: «БетIергьан Аллагь гьезда сверун лъугьарав вуго ва гьезие рорчIизе бакI гьечIо» абун. Аллагьасда кIола гьел тIубанго беццал ва гIинкъал гьаризе, кинниги,

гьезул хIалбихьи гьабун тун руго гьел.
ХIакълъунго Аллагь ﷻ кинабго жоялда хIал кIолев вуго. Гьеб хIал кIвеялдасан буго жиндир лагъзадерил цо къокъа тавбу къабул гьабун тIаса лъугьун тейги, цогидаб къокъаялъе гIазаб гьабиги.
Гьал мунапикъазул бицен Къуръаналда жаниб хадубги гIемер бачIизе буго ва иншаАллагьу, щибаб бакIалда гьелда рекъараб баянги бачIила.
Алллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда кIудиял мунафикъзаби цIар-цIар ккун лъалел рукIаниги, гьел чIвачIого теялъе хIикмат буго: хирияв аварагас ﷺ ГIумар رضي الله عنه асхIабасда абуна:
*«Дие бокьун гьечIо гIарабиял МухIаммадица жиндирго асхIабзаби чIвалел ругоян гаргадизе»*-абун.
Имам ШафигIияс абуна, хирияв авараг ﷺ мунафикъзаби чIваялдасан нахъе чIвараб жо буго гьез загьиралда бусурбабазул гIамал гьабулеб букIин. СахIихIаб хIадисги буго:
*«Дида Аллагьас ﷻ амру гьабун буго капурзабазда ва мушриказда рагъ бай абун гьез лаилагьа илла Ллагь абизегIан (*ай Аллагь цо гьавун шагьадат битIизегIан). *Гьеб рагIи абураб мехалъ жидеца дидаса боц1иги, биги (напсги) ц1унула шаргIияб хIакъалдалъун гурони. Гьезул хIисаб Аллагьасда ﷻ букIила»* абун. Гьелъул магIна буго загьиралда гьезда тIад бусурбабазул хIукму хьвадулин абураб. Гьел рекIелъ иман гьечIел мунапикъзаби ругони, ахираталда гьезие кири букIуларо жидеца гьабураб тIагIаталъул ва гьелги абадияб жужахIалъуре ккола.
ТIадегIанав Аллагьас ﷻ муъминзабазул, капуразул ва мунапикъазул сипатал рицун, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъиги бицараб мехалъ: бахьибугел ва бахьикъосарал рукIин, иман камилал, рекIелъ иман гьечIел рукIин; мисалал рачун гьебги баян гьабидал ва къосиналъул нухалги баян гьаридал, гьелда нахърегIизабун ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабулел хIужаби ва гьесул халкъалъе ругел к1удиял нигIматалги рицана, гьез щукро гьабизе ва гьел кантIун рукIизе.

**21. Я гьал гIадамал! Нужеца гIибадат гьабе нужер БетIергьанасе, жинца нуж рижарав ва нужеда цересел умматалги рижарав, нуж Аллагьасдаса хIинкъарал ва рохел-талихIалда кверщел батараздаса рукIизе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱعۡبُدُواْ رَبَّكُمُ ٱلَّذِي خَلَقَكُمۡ وَٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تَتَّقُونَ ٢١

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ «Я гьал гIадамал!» абун хитIаб гьабуна, гьеб киналго гIадамазда гIаммаб хитIаб букIун, киналго жинца бицунеб жоялда гIенеккизе ва гьелдаса мунпагIатги босизе. Хадуб

жиндир нигIматаздаса бищунго кIудияб нигIматги рехсана, «жинца нуж рижарав» абун, гьелъ инсан кантIизавизе ТIадегIанав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинца рижарав жинца хвезеги гьарулев вукIиналда, ва гьеб рижизари ва хвезари жинда жаниб хIикмат-пайдаго гьечIеб жо букIунгутIиги лъазе.

Гьедин бугелъул гIадамазда амру гьабулеб буго: нужеца лагълъи гьабе, ва нужеда тIад къараб амруги тIубай, нужеда тейян абураб жоги те абун. Гьадин хьвадани, БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее дунял-ахираталда рохел ва талихIбуголъи къотIи гьабулеб буго. Гьедин хьвадичIони нуж рижарав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хвезарун хадуб жиндир нигIматаздаса гьикъине буго ва жиндир амру-нагью тIобачIезе гьелда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ فِرَٰشًا وَٱلسَّمَآءَ بِنَآءً وَأَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجَ بِهِۦ مِنَ ٱلثَّمَرَٰتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۖ فَلَا تَجْعَلُوا۟ لِلَّهِ أَندَادًا وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٢٢﴾

22. Гьев БетIергьан Аллагь вуго жиндие гIибадат гьабизе тIадав: **жинца нужее ракь тIибитIарав тамахаб босен гIадин,** гьелда тIад нужеего бокьараб жо гьабизе кIолеб хIалалъ. **Нужеда тIад зобги борхарав, рукъалъул тIохалда релъун. Цинги зодисан цIадги рештIизабурав, гьеб цIадалдалъун нужее ризкъилъун пихъалги рижизарурав,** цогидаб хур-хер ва нуж жинда хIажалъулеб жоги бижизабурав.

Гьаб амру гьадин бугелъул, **гьев Аллагьгун цадахъ жиндие гIибадат гьабизе щибго жо ккоге:** хъанчал ругониги, гIадамал ва малайкзаби ругониги. **Нужеда лъалебги букIадго** нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев жиндир гуч бергьарав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин ва гьел мушриказ алагьзабилъун кколел жал щибго жо жидеца бижуларел ва ризкъи кьоларел, жалго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хIажатал рукIин.

Аллагь цо гьави, гьесие гIибадат хас гьаби ва бацIад гьаби, цIакъ кIвар цIик1к1араб амру бугелъул, гьеб гIибадат гьабиялда жаниб ширк ккейи кIудияб мунагьги, исламалдаса инсан вахъулеб жоги бугелъул, дагьаб баян гьабизе рекъараб бакI буго гьаб.

Жинда Аллагь разилъаяв АхIмад имамас АлхIарис АлашгIариясдаса хIадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Закарял вас ЯхIяда амру гьабуна щуго жоялдалъун, жинца гьезда гIамал гьабизе ва бануисраилаздаги амру гьабизе гьезда гIамал гьабеян абун. Жинда салам лъеяв ЯхIя гьеб амру тIубазе гIедегIичIеб мехалъ ГIиса аварагас عَلَيْهِٱلسَّلَامُ гьесда абуна: «Дуда ТIадегIанав Аллагьас амру гьабуна гурищ щуго жоялдалъун: дуца*

*гьезда гIамал гьабе ва бануисраилаздаги гьезда гIамал гьабеян амру гьабейин. Дуца тIад къараб жо тIубалеб гьечIони, дица тIубазехъин буго гьеб амру»- абун. Жинда салам лъеяв ЯхIяца абуна: «Я дир вац! дица гьеб амру тIубала. Нагагь дидаса цебе дуца гьеб амру тIубани, дун хIинкъула Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *дие гIазаб гьабиялда, яги дун ракьалъ жанив кквеялда»* - абун.

Цинги ЯхIя аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ бануисраилал Байтул-мукъадасалъул масжидалда жанир ракIарана. Цо борхатаб бакIалда гIодов ч1ун ЯхIяца عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щукру-рецц гьабун, гьев вац1ад гьавуна. Хадуб жинца абуна: ТIадегIанав Аллагьас дида амру гьабун буго щуго жоялдалъун, дица гьезда гIамал гьабизе ва нужедаги гьезда гIамал гьабеян амру гьабизе.

__*Бищун цебесеб буго:*__ *«Нужеца Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *гIибадат гьабе ва гьеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабуге: нагагь нужеца Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ цоги жо гIахьал гьабуни нуж ракIуна хIалалаб гIарац-меседги кьун цо лагъ восарасда релъун. Цинги гьев лагъ хIалтIун щвараб жо лагъас жиндир сайидасухъ (бетIергьанасухъ) кьечIого цоги чиясухъ кьолесда релъунги. Нужер щивха вугев гьединав лагъ жиндие вукIизе бокьулев? ХIакълъунго Аллагь* جَلَّ جَلَالُهُ *вуго нуж рижарав ва нужее ризкъи кьолев. Гьедин бугелъул нужеца гIибадат цохIо Аллагьасе гьабе».*

__*КIиабилеб буго:*__ *«Дица нужеда амру гьабулеб буго как бай абун. ХIакълъунго Аллагь* جَلَّ جَلَالُهُ *жиндир лагъасда данде витIун валагьун вукIула гьев как балев вугеб мехалъ. Нуж как балеб мехалъ дорегьанирги ралагьуге».*

__*Лъабабилеб буго:*__ *«Дица нужеда амру гьабулеб буго кIал ккве абун. Гьеб кIал ккурав чиясул мисал буго мискалъул цIураб цIарагIалда релъун: жиб цо къавмалда цадахъ бугеб ва киназего гьелдасан гьуинаб, берцинаб махI бачIунеб. КIал ккурав чиясул кIалдиб бугеб махI Аллагьасда* جَلَّ جَلَالُهُ *аскIоб мискалдасанги гьуинаб букIуна».*

__*Ункъабилеб буго:*__ *«Дица нужеда амру гьабулеб буго садакъа кьеялдалъун. ХIакълъунго жинца садакъа кьолев чиясул мисал буго цо тушманас асир гьавун кверalги горбода рухьун, бетIер къотIизеян жив цеве вачарав ва жинцаги абурав: Дица боц1и-мал кьун дир напс хвасар гьабуни нужее зарал бугищ?-абун. (ай дун чIвачIого те, дица нужеца гьарараб боцIи кьела). Цинги жинца живги хвасар гьавурав, дагьаб кьун, гIемер кьун боц1иги кьун».*

__Щуабилеб буго__: *«Дица нужеда амру гьабулеб буго Аллагь* جَلَّ جَلَالُهُ *гIемер рехсе абун. Аллагь г1емер рехсолев чиясул мисалги буго: цо тушманас*

*хадув лъугьун цӀехолев чи, гьесдасан лъутун цо щулияб хъалаялда жанив вахчарав гӀадаб. Бищунго щайтӀаналдаса инсан цӀунаравлъун вукӀула гьес Аллагь ﷻ рехсолев вугебгӀан мехалъ».*

Цинги жинца хӀадис бицунев, жинда Аллагь разилъаяв, АлхӀарис АлашгӀарияс абуна: Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Дица нужедаги амру гьабулеб буго, дида Аллагьас жидедалъун амру гьабураб щуго жоялдалъун: жамагӀатгун цадахъ рукӀин. Аллагьасул амруялда гӀинтӀами. Гьеб амруялда мутӀигӀлъи, исламияб гуреб жамагӀат тей, Аллагьасул ﷻ диналъе гӀоло жигьад гьаби. ХӀакълъунго исалмияб жамагӀаталдаса цо рокьобалъ къватӀив вахъарав чи жиндир габуралдаса исламалъул рухьен (квар) бахъарав чи вуго, жив тавбо гьабун тӀад вуссинегӀан»* абун. ХӀадис имам Тирмизияс лъикӀаб къучӀаб бугин абуна.

Гьаб жинда бихьулеб дунялалъул пикру гьабурав чиясе гӀемер гӀаламатал руго гьаб гӀаламалъул БетӀергьан вукӀиналда тӀоритӀел гьабулел. Цебе заманалъго жиндир гӀумру гӀалахалда арав, жагьилав гӀарабиясда гьикъидалго щиб хӀужа- далил бугеб БетӀергьан Аллагь вукӀиналда тӀоритӀел гьабулеб?- абун, гьес абуна: «СубхӀаналлагь! Цо ракул кӀучӀ батиналъ тӀоритӀел гьабула гьеб кӀучӀ гьабураб варани букӀиналда. ХӀатӀил лъалкӀ батиялъ тӀоритӀел гьабула гьеб хӀатӀил бетӀергьан гьеб нухдасан ун вукӀиналда. Гьал рорхатал, цӀвабзаз цӀурал зобалги, гьаб мугӀрул-гӀорал гӀемераб ракьги, гучал карачелазул кӀудиял ралъадалги гӀеларищ далиллъун гьезул БетӀергьан вукӀин лъазе»- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв АбухӀанипада цо иман гьечӀел гӀадамаз гьикъана Аллагь ﷻ вугищ абун, ва кин гьев вукӀин лъалеб абун. Гьес жаваб кьуна: «Дун цодагьалъ те, дун цо дида бицараб хабаралда тӀад ургъулев вуго.

Дида бицана цӀакъ кӀудияб гама бугин, гӀемераб бечелъиги тӀад бугеб, ралъдада тӀад хьвадулеб. Я гьеб бачунев чиги гьечӀин, я гьеб къайи цӀунулев чиги гьечӀин, жибго добе-нахъеги хьвадулин, ва ралъад багъаридалго гьелъул гучал карачелаздаса жибго хвасарлъулин»- абун.

Гьел гӀадамаз абуна гьединаб жо букӀизе рес гьечӀин, гьеб гӀакъилав чияс бицунеб хабар гурин абун. Жинда Аллагь разилъаяв АбухӀанипаца абуна: «Вай нужее талихӀ кьеял, гьаб кинабго махлукъ, гьал зобал-ракьал, гьанир ругел гӀемерал гӀажаибал жалги жидер бетӀергьанги гьечӀого, жал рижаравги гьечӀого кинха букӀунеб?» абун. Гьел гӀадамал

мукIурлъун иманалде рачIана.

Жинда Аллагь разилъаяв имам ШапигIияс абуна, гьесда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналдаса гьикъараб мехалъ: «гьаб цо каролал тIамах буго, гьеб тIамахалъул тIагIамги цо буго. Цинги гьеб тIамах кваналеб буго кIазил къвачIа гьабулеб хIапароялъ ва гьелдасан чилайдул квар лъугьунеб буго. Наялъ гьеб кванараб мехалъ гьоц1о бачIунеб буго. Х1айваназ, гIиял-цIаназ гьеб кванараб мехалъ ракул кIучал рачIунел руго. Г1алхул цIеялъ гьеб кванараб мехалъ миск бачIунеб буго. Гьаб далил гIеларищ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналъе ва гьесул хIалкIолъиялъеги» – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица абуна: «гьале цо щулияб хъала буго, жиндир рагьоги гьечIеб гордоги гьечIеб, жиб ц1вакараб, тIасан гIарацгIан хъахIаб, жанисан бац1адаб месед гIадаб. Цинги гьеб хъалаялъул къедалги рекун гьенисан къватIибе цо хIайван бачIула жинда жо бихьулеб, ргIулеб, берцинаб сураталъул хIеренаб гьаркьалъул» – абун. Хоноялъул мисал буго гьаб.

Гьединал мисалал рачана ццересел гIалимзабаз. Гьанже жегиги ц1икIарал далилал руго гьаб махлукъалъул Халикъ вукIиналда жидеца т1орит1ел гьабулел. ГIадамал зобалазул борхалъабаздеги рахана, ралъдал тIиналдеги щвана, ракьулъ жаниб бугеб жоялдеги раккана. ГIелмуги цебе тIун буго, гIакълоги камиллъун буго. Гьедин бугониги гIемерал балъголъаби руго жеги инсан жидеда хадув гьечIел. Бищунго гIелму хIайранлъараб бакI буго гьаб дунялалъул (вселенное) гIатIилъабазул гIорхъаби лъазе кIунгутIи. Гьадинаб камилаб низамалда, гьадинаб кIудияб гIалам жибго жинцаго хьвадизабулеб бугин абулев чияс цо гьитIинабниги мисал бачизе ккела жиб хьвадизабулев чиго гьечIого хьвадулеб жоялъулъ.

ТIадегIанав Аллагь жиндие гIибадат гьабизе тIадав, жив цогояв, жинца рижулев ва ризкъи кьолев хан вукIин бицун хадуб, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир авараг МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, хIакъав авараг вукIиналъе далилал рачана ва гьес абуна:

وَإِن كُنتُمۡ فِي رَيۡبٖ مِّمَّا نَزَّلۡنَا عَلَىٰ عَبۡدِنَا فَأۡتُواْ بِسُورَةٖ مِّن مِّثۡلِهِۦ وَٱدۡعُواْ شُهَدَآءَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ٢٣

**23. Нуж шаклъулел ратани дица дир лагъасда рештIараб Къуръаналъулъ, нуж рачIаха гьелъул цо сураталда релъараб жоялдалъун. Гьеб жо гьабизе, ургъизе, нужер кумек чагIиги ахIе Аллагь тун цогидал, нуж ритIарал ратани аварагасдаги صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ Къуръаналдаги гьабулеб дагIбаялъулъ.**

Нужеего бокьарал кумекчагIиги раче ва бокьараб хIадурлъиги гьабе гьеб цо сураталда релъараб жогIаги гьабизе. Гьелда релъараб жо

гьабизе нужеда кидаго кIоларо.

فَإِن لَّمْ تَفْعَلُوا۟ وَلَن تَفْعَلُوا۟ فَٱتَّقُوا۟ ٱلنَّارَ ٱلَّتِى وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلْحِجَارَةُ ۖ أُعِدَّتْ لِلْكَـٰفِرِينَ ﴿٢٤﴾

**24. Цинги нужеца гьеб жо гьабичIони: абадиялъго нужеца гьебги гьабуларо гьанже яги хадуб заманаялъ, нуж жужахIалъул цIаялдаса хIинкъа ва нуж гьенир ккеялдаса ц1уне. Гьеб цIаги буго гIадамазул чурхдуздалъун ва ганч1аздалъун жиб боркьулеб, капурал гIадамазе жибги х1адурун бугеб.**

Гьеб цIа жидедалъун боркьулеб ва гьелъул бухIи цIикIунеб жо буго Аллагьасда инкар ккурал капурзабазул чурхдулги ва гьез Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабурал хъанчалги: гамч1ил, ц1улал ва цоги жоялъул жал гьарурал.

Цо гIалимзабаз абуна гьел ганч1ал ругин кибриталъул (сурма, фосфор), мугIрул гIадин чIах1иял, жал роркьраб мехалъ багIари гучал, мах1ги инжитаб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ругел мугIжизатазул (жинда релъараб гьабиялдаса жинца гIажиз гьарулеб жоялда абула муг1жизат абун) бищунго кIудияб ва абадияб буго гьаб Къуръан. Щивав авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ умматалда витIулеб мехалъ, гьесие мугIжизатлъун гьабулаан гьеб заманаялъ гьеб къавмалъ хьвадизабулеб гIамалалда релъараб, амма гьезда жиб гьабизе кIолареб жо.

Жинда салам лъеяв ГIиса аварагасул заманаялъ дару гьаби, гIадамал сахлъизари бищун гIадамал жинда хIажатаб букIана. Гьединлъидал Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе мугIжизат букIана мацI лъаларел гIадамал сах гьари, тIомалъул унтаби сах гьари ва цоги гьелда релъаралги. Жинда салам лъеяв Муса аваргасул заман букIана сихIрочагIи гIемераб, гьелда тIад чIейи гьабулел г1адамал ругеб. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие гIансаги, кверги кьуна гьезул сихIру хвезабулеб мугIжизатлъун.

МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ авараг жидеда витIарал гIарабиял рукIана пасих1лъиялъулъ цо-цазде къацандулел шагIирзаби гIемераллъун. Гьединлъидалин хирияв Аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мугIжизатлъун Къуръан гьабураб: жинда релъараб гьабизе гIарабазда к1вечIеб, хадуб к1везеги гьечIеб. Гьелъул назмуги мугIжизат буго, пасих1лъи, магIна гъварилъи, рагIаби дагьал амма магIна гIемерал рукIинги мугIжизат буго.

«Нужеца абадиялъго гьеб Къуръаналъул цохIо сураталда релъараб жо гьабуларо»-ян абураб рагIиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб мугIжизат буго: ай хадуб букIинесеб жо бицин. Гьеб хабар Аварагас щибго хIинкъичIого, ракI чIун бицана.

XIакъикъаталда гьединги ккана: жакъа къоялда щвезегIан гьеб Къуръаналда къец гьабун, гьелда релъараб жо гьабун цониги чи цеве вахъинчIо.

Гьеб гуребги мугIжизатал гIемер руго Къуръаналда жанир: рагIабазул рахъалъан, магIнабазул рахъалъанги. Дунялалда лъугьунел гIелмиял хис-басал, цIиял гIелмаби, ва гIадамаз гьарулел кIудиял церетIурал гIелмиял гьунарал, гьел киналго Къуръаналда жаниб жидеда ишара бугел ва жидер бицен бугел руго.

ТIадегIанав Аллагьас капуразе къачIан бугеб жужахIги гьелъул гIазабги бициндал, гьелда хадуб муъминзабазе къачIан бугеб алжаналъул сипаталги рицана: хIинкъи кьейги хьул лъезабиги цадахъ бицунеб, Аллагь разиязул хIалги, къосарал, квешал чагIазул хIалги цадахъ бицунеб къаг1ида бугелъул Къуръаналъул.

**25. Жидеца иман лъурал, лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазда дуца рохел бице МухIаммад ﷺ: гьезие хIадурун алжаналъул ахал ругин, жанир гIорал чвахулел (рахьдал, жадул, гьацIил, лъималъул). Жидее гьеб алжаналъул батIи-батIиял пихъаздасан цо пихъ кьураб мехалъ, гьез абула гьаб пихъ бугин нижее цебеги кьун букIараб абун, гьезие пихъ кьола цоцаде релъараб бугин кколеб. Гьел муъминзабазе алжаналда жанир жал рацIцIадал руччабиги руго, гьел даимго гьеб алжаналда рукIизе руго.**

وَبَشِّرِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ
أَنَّ لَهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ ۖ
كُلَّمَا رُزِقُوا۟ مِنْهَا مِن ثَمَرَةٍ رِّزْقًا قَالُوا۟
هَٰذَا ٱلَّذِى رُزِقْنَا مِن قَبْلُ ۖ وَأُتُوا۟ بِهِۦ
مُتَشَٰبِهًا ۖ وَلَهُمْ فِيهَآ أَزْوَٰجٌ مُّطَهَّرَةٌ ۖ وَهُمْ
فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٢٥﴾

ГIалимзабаз абуна: малаикзаби гьел муъминзабахье батIи батIияб пихъ босун рачIула, гьеб пихъ бихьизе цо-цада релълъараб букIула ва дол муъминзабаца абула гьаб пихъ нижее цебеги бачIун букIанин абун. Гьезда малаикзабаца абула: кванае нужеца гьаб пихъ, гьеб тIасан цебесалалъ бач1аралда релъараб бугониги, гьелъул тIагIам, лазат, махI батIияб бугоян абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: алжаналда ругел пихъал ва тIагIамал дунялалда ругезда релъарал гьечIо цохIо цIаралъул рахъалъан гуроян абун.

Мужагьид абулев гIалимас абуна: алжаналда хIурулгIинзаби рукIула кинабго инсанасул ракI къалеб жоялдасан жал рацIцIадал. МагIнавиял рук1а гьел чIороклъаби яги рихьулел рукIа-абун. МагIнавиял чороклъаби руго инсанасул тIабигIат-гIамал квешаб букIин.

Цоги гIалимзабаца абуна: дунялалъул руччаби алжаналда жанир ругел

хIурул гIиназдасаги берцинал рукIуна. Гьелъие далил буго ТIадегIанав Аллагьасул ﷻ рагIи: **«Дица гьел руччаби цIидасан рижула ва гьел дица гIолилаллъун гьарула цIакъ жидее россал рокьулел, гьезулги жудеда хьул лъолел, гIолохъаналлъун ва росабазулгун гIел бащадаллъун»**-абураб. (алвакъигIат 37 аят).

Муъминзаби алжаналда даималъго рукIуна абураб рагIиялъул магIна буго: гьезие гьал киналго нигIматал ва руччаби рукIингун цадахъ, хадуб щибниги жоялъул ургъел, кIвар букIунаро, рахIаталда хIалхьиялда рукIуна ва гьеб рахIат хIалхьиялъе нахъасан къотIиги гьечIо. Гьаб буго унго-унгояб сагIадат (бахьи буголъи). Аллагьас нилъее гьеб ризкъилъун гьабеги. Амин

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жаниб мисал бачун, кIкIараялъул, тIутIалъул, гIанкабуталъул(нусиричалъул), наялъул цIар бахъидал, ягьудиял гьелда тIад релъанхъана ва гьез абуна: «гьаб жо Аллагьасул каламищ бугеб? Гьал къабихIал жалги рехсон гьев Аллагьасе щиб жо бокьараб?» - абун. Гьезул шаклъи хвезабун ва гIисинал, хIакъирал жалазул бицунин абун Къуръаналъул мугIжизат холареблъи баян гьабун, Аллагьас ﷻ абуна:

**26. ХIакълъунго Аллагь ﷻ нахъчIваларо жинца мисал бачун кIкIара рехсеялдаса, гьелдаса кIудияб, яги гьитIинаб жо рехсеялдаса. Жидеца иман лъурал чагIазда лъала гьеб мисал бачи БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб жо букIин. Амма Аллагьасда ﷻ ва Къуръаналда инкар кколез абула щиб жо бокьараб Аллагьасе гьадинаб гIисинаб, хIакъираб жоялдалъун мисал бачиялдалъун абун.**

* إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَسْتَحْيِۦٓ أَن يَضْرِبَ مَثَلًا
مَّا بَعُوضَةً فَمَا فَوْقَهَا ۚ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟
فَيَعْلَمُونَ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّهِمْ ۖ وَأَمَّا
ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَيَقُولُونَ مَاذَآ أَرَادَ ٱللَّهُ
بِهَـٰذَا مَثَلًا ۘ يُضِلُّ بِهِۦ كَثِيرًا
وَيَهْدِى بِهِۦ كَثِيرًا ۚ وَمَا يُضِلُّ بِهِۦٓ
إِلَّا ٱلْفَـٰسِقِينَ ﴿٢٦﴾

**Гьеб мисал бачиналъ гIемерал капурзаби къосизарула:** гьелда иман лъечIого жидер къосин цIикIун. **ГIемерал муъмизабазул иман цIикIкIун, гьел жегиги хIакъаб жоялда тIоритIула. Гьел мисалаз къосизаруларо пасикъал, мунапикъал гIадамал гурони;** Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъарал, жидеца гьесул аятазда инкарги кколел.

Цо гIалимзабаз абуна ТIадегIанав Аллагьас кIкIараялъул мисал бачиялъул хIикмат бугин, гьеб кIкIара букIин бакъун бугеб мехалъ чIаго букIулеб, гIорцIараб мехалъ жиб холеб. Инсанги гьелда релълъун вуго, жив бечелъун, гIорцIун, чIухIун хьвадараб мехалъ, Аллагьас ﷻ гьев гьалаг гьавула ва кинабго жоги гьанибго тун

ч1ового ракьулье уна.

**27. Гьел пасикъзаби руго жидеца ТIадегIанав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьарурал къотIаби хвезарулел, гьаял гьедун гьел къотIаби щула гьарун хадурги. Ва жидеда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ щула гьабе ва къотIизабуге абураб гурхIел-рахIмоялъул рухьенги къотIизабулел. Жидеца ракьалда т1ад пасалъиги гьабулел.**

ٱلَّذِينَ يَنقُضُونَ عَهْدَ ٱللَّهِ مِنۢ بَعْدِ مِيثَٰقِهِۦ وَيَقْطَعُونَ مَآ أَمَرَ ٱللَّهُ بِهِۦٓ أَن يُوصَلَ وَيُفْسِدُونَ فِى ٱلْأَرْضِ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿٢٧﴾

гIасилъаби, питнаби гьарун, иман лъечIого чIун, Къуръаналда сверухъ шакдарулел харбал рижизарун. **Гьал гIадамал руго жал ахираталда ч1орого хутIарал ва дараналъулъ къарал:** жидеца тIоритIел тун къосин тIаса бищидал, мунагьал чури, гурхIелалъул бакIалда гIазабги тIаса бищидал.

Гьал пасикъал, капурал, мунапикъал ва ширк гьабурал гIадамаз хвезабураб къотIи щиб бугеб абуни: бищун цебесеб къотIи Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави ва гьесул аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ нахърилълъин буго. Гьеб къотIиги зарраби рижун хадуб Аллагьас гьезда гьикъун букIана: «дун нужер БетIергьан вугищ абун?», гьел зарабаз «вуго»-ян жаваб кьун букIана. Жал дунялалда рижун рачIиндал гьез гьеб къот1и хвезабун Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккуна. Хадуб гьез хвезарулел къотIаби гIемерал ва батIи-батIиял руго. РекIелъ иман гьечIел гIадамазе къотIи тIубаялъул щибго ургъел букIуларо ва гьез гIадамазе бокьараб къотIиги гьабула, цинги бокьухъин хвезеги гьабула.

**28. Нужеца кин Аллагьасда инкар кколеб, нуж щибго жо гьеч1еб, хвараб жолъун рукIарал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ч1аго гьарунги рукIадго. Хадурги Аллагьас нуж хвезаризе руго ва ахираталда чIаго гьарун тIаде рахъинаризе руго,** хIисаб ва жазаъ гьабизе. **Ва нужер ахираб руссиги Аллагьасде буго.**

كَيْفَ تَكْفُرُونَ بِٱللَّهِ وَكُنتُمْ أَمْوَٰتًا فَأَحْيَٰكُمْ ۖ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٢٨﴾

**29. Гьев БетIергьан Аллагь вуго** хун хаду нуж ч1аго гьаризесев **гьаб ракьалда тIад бугебщинаб жо нужеца мунпагIат босулеблъун бижарав,** гьелъул пикру гьабизе ва нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъезе. **Цинги БетIергьанас зобал рижизе къасд гьабуна ва жинца гьел анкьго зоблъун гьаруна:** жал рорхатал, щулиял, жидеда жаниб инсан

هُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ لَكُم مَّا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا ثُمَّ ٱسْتَوَىٰٓ إِلَى ٱلسَّمَآءِ فَسَوَّىٰهُنَّ سَبْعَ سَمَٰوَٰتٍ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٩﴾

хадув гъоларел гIемер батIиял гIаламатал ругел. Гьаб кинабго жо бижин Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къудраталда тIоритIел гьабулеб далил буго.

**Ва гьев БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ кинабго жо жинда лъалев вуго.** Гьаб кинабго махлукъ бижизе ва гьелъул тадбир гьабизе хIал кIолев Аллагьасе нуж хун хадур тIаде рахъизари бигьаябго жо гьеч1ищха, я гьал шакдарулел гIадамал!

ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерида бициндал (гьел кантIизе ва иман лъезе) жинца гьел рижун рукIин ва гьезие ризкъиги кьун букIин, кинабго ракьалда т1ад бугеб жо гьезие квегъун букIинги, гьелда хадуб Аллагьас бицана гьезул эмен Адамил къиса, гьесул хиралъиги: <u>эмен хиралъи лъимал хиралъи букIунелъул</u>.

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَٰٓئِكَةِ إِنِّي جَاعِلٌ فِي ٱلْأَرْضِ خَلِيفَةً قَالُوٓا۟ أَتَجْعَلُ فِيهَا مَن يُفْسِدُ فِيهَا وَيَسْفِكُ ٱلدِّمَآءَ وَنَحْنُ نُسَبِّحُ بِحَمْدِكَ وَنُقَدِّسُ لَكَ قَالَ إِنِّيٓ أَعْلَمُ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾

**30. <u>Дуца умматалда бице МухIаммад</u>** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дур БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзабазда абураб рагIи ва гьеб къиса. **ТIадегIанав Аллагьас малаикзабазда хитIаб гьабун абуна: хIакълъунго дица ракьалда тIад халифа гьавизе вуго** гьеб ракьалда дир х1укмаби рилъанхъизаризе. Цоги магIна буго: дица ракьалда халкъ бижизехъин буго цоязда хаду цоги къавмал, умматал рукIунел ва дие тIагIат-гIибадат гьабулел, дир амру-нагьюги, динги ракьалда хьвадизабулел абун.

**Малаикзабаца абуна: «Дуца гьеб ракьалда пасалъиги гьабулел биялги гIодоре тIолел (цояз цоял чIвалел) гIадамал рижизейищ ругел? Ниж руго дуе тасбихI гьабулел, дуе реццги гьабулел ва мун вацIадги гьавулел»-абун. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дида лъала нужеда лъалареб жо** ва дица гьабулеб жоялъул хIикмат»-абун. Ракьалда халифа гьавиялъул хIикматги дида лъала.

Маликзабаз Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аби: «Дуца ракьалда халифайиш гьавулев» абун, гьеб гьечIо БетIергьанасда данде руссилъун. Гьелъул магIна буго малаикзабаз жо лъай ва бичIч1и тIалаб гьаби. Гьез абулеб буго: «Я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ! Щиб хIикмат бугеб гьеб халкъ бижиялда жаниб, гьездасан квешалги рукIине ругелъул, жидеца ракьалда пасалъи гьабулел ва бият гIодор тIолел. Дуе гIибадат гьаби мурад батани ниж гурищ ругел даимго дуе гIибадат гьабулел? ниж бегьиларищ гьеб ракьалда халифалъун рукIине?»-абун.

ТIедегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие жаваб гьабун абулеб буго: «Дида лъала гьеб халкъ бижиялда жаниб бугеб маслахIат, нужеда жиб лъалареб. Гьезул пасалъаби гьарулел гIадамал рукIине ругониги, дица

гьезулъ гьаризе руго аваргзаби ва гьезухъе русулалги ритIизе руго. Гьезда гьоркьор цIакъ ритIухъал гIадамалги рукIина, шагьидзаби рукIина, лъикIал муъминзабиги рукIила.

Жидеца цIакъ гIемер гIибадат гьабулел, дунял тIалаб гьабуларел, Аллагь вокьулел, Аллагьасеги рокьулел гIадамалги рукIина. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда гIагар гьарурал вализабиги, гIелмуялда гIамал рекъарал гIалимзабиги рукIина. Аллагь вокьун, гьесдасан хIинкъун, гьесул русулазда нахърилъъарал гIадамалги рукIина»-абун.

Имам КъуртIубияс ва цоги гIалимзабаз гьаб аяталдаса хIукму босана бусурбабазул халифа вукIизе ккеялъе: гьезда гьоркьоб хIукму гьабизе, гьезул дагIба-къец къотIизабизе, залимав чIезавизе, жиндие зулму гьабурасул хIакъ босизе, шаргIиял хIаддал тIоразаризе, гIасилъи-пасикълъи гьабулеб къавм хIинкъизабизе. Гьел гурелги жидер кIвар ц1ик1кIарал, имамас гурого тIуразаруларел ишал тIуразе. Жидеца халифа теч1еб мехалъ гьел бусурбаби мунагьалъулъ рукIуна. Исламалъул ва бусурбабазул цо имам (халифа) гурони вукIуларо. Гьесул амирал, къадиял, гIамилал ва наибзаби рукIула, щибаб бакIалда хIукму гьабизе ва гьеб хIукму хьвадизабизе тарал.

Малаикзабазда кин лъараб Адамил лъималаз ракьалда пасалъаби гьарулеблъи абуни: цо рагIи буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьебги малаикзабазда бицун букIанин абураб. Цоги рагIи буго: Адам вижилелде цере ракьалда жундул рукIана. Гьез ракьалда гIемер зулму-пасалъи гьабидал, Аллгьас малаикзаби ритIун гьел жундул ракьалдаса тIагIизарун рукIана. Гьанжеги ракьалда халифа гьавизе вугоян Аллагьас абидалго, малаикзабазда ракIалде ккана дол жундуца гьабурабго жо гьазги гьабилин абун.

ИбнухатIибица абуна: Инсанас малаикзабазда ракIалда ккараб жо хIакъ гьабуна. Гьес ракь зулмуялъул ва пасалъиялъул цIезабуна. Ракьалда биялги гIодоре тIуна, гIоралги ралъадалги бидул цIолеб хIалалъ. Жал рижирав ва жидее ризкъи кьолев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьел гIассилъана загьирго ва нич гьечIого. Гьез жал рижарав ва хьихьарав Аллагьасда инкар ккуна тIубанго ва даимго»-абун.

Гьев Адам عَلَيْهِ السَّلَامُ ракьалде витIи ва гьевги, хадусел аваргзабиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру ракьалда билъинабизе халифалъун гьари, гьаб иш гьечIо Аллагь гьелда хIажатав вукIун ва гьесул маслахIаталъе бугеб. Гьаб буго гIадамазе маслахIаталъе гьабураб. Гьел гIадамал гьечIо кинабго амру-нагью гьоркьов чи гьечIого Аллагьасдаса босизе кIолеллъун. Гьадин бугелъул Аллагьасдаги аваргзабаздаги гьоркьо малаикзаби гьаруна, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру гьезухъе щвезабизе. Малаикзабаздаги гIадамаздаги гьоркьо аваргзаби гьаруна, гьезул

умматалъухъ Аллагьасул амру щвезабулеллъун.

وَعَلَّمَ ءَادَمَ ٱلۡأَسۡمَآءَ كُلَّهَا ثُمَّ عَرَضَهُمۡ عَلَى ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ فَقَالَ أَنۢبِـُٔونِي بِأَسۡمَآءِ هَٰٓؤُلَآءِ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ٣١

**31. Цинги БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Адамида عَلَيْهِ السَّلَامُ киналго цIарал лъазаруна:** щибаб жоялъул цIар лъазабуна, жиндалъун гIадамал цоцазда кIалъазе ва цоцазда ричIчIизе. ЧIагояб жо букIа, рухI гьечIеб жо букIа, ретIел хьитниги, кванил нигIматалниги хIалтIул алаталниги букIа. **Цинги Аллагьас гьел жидеда цIарал лъурал жал малаикзабазда рихьизаруна ва гьезда абуна: гьанже нужеца дида гьазул цIарал рицеха, гьел цIарал нужеда лъалел ратани, ва нуж ритIаралги ратани** ракьалда халифалъун рукIине нуж мустахIикъал ругин абураб рагIиялъулъ абун.

قَالُواْ سُبۡحَٰنَكَ لَا عِلۡمَ لَنَآ إِلَّا مَا عَلَّمۡتَنَآۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلۡعَلِيمُ ٱلۡحَكِيمُ ٣٢

**32. Малаикзаби гIажизлъана гьезул цIарал лъаялдаса ва гьез абуна: «Мун вацIцIадав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Нижее щибго жоялъул лъай гьечIо, дуца нижеда лъазабураб жоялъул гурони. ХIакълъунго мун вуго БетIергьан, кинабго жо дуда лъалев ва гьелъул хIикматги лъалев»-абун.** дуе бокьараб жо цоязда лъазабиялъул ва цогидазда лъазабун гутIиялъульги хIикмат буго. Гьелъул гIелму лъайги духъего буго.

قَالَ يَٰٓـَٔادَمُ أَنۢبِئۡهُم بِأَسۡمَآئِهِمۡۖ فَلَمَّآ أَنۢبَأَهُم بِأَسۡمَآئِهِمۡ قَالَ أَلَمۡ أَقُل لَّكُمۡ إِنِّيٓ أَعۡلَمُ غَيۡبَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَأَعۡلَمُ مَا تُبۡدُونَ وَمَا كُنتُمۡ تَكۡتُمُونَ ٣٣

**33. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Я Адам عَلَيْهِ السَّلَامُ дуца бице гьел малаикзабазда гьал жалазул цIарал»-абун. Адамица гьезул цIарал рицараб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малаикзабаде абуна: «Дица нужеда абун букIана гурищ дида лъалин зобал ракьазда жаниб бугеб гьаибаб, нужеда жиб лъалареб жо ва дида лъалин нужеца загьиралда гьабулеб гIамалги, гьединго рекIелъ бахчараб нужер хиялги»-абун.**

ГIалимзабаз абуна: гьел малаикзабазда ракIалда ккун букIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидедаса хирияб щибго жо бижиларин абун. Гьеб рекIел хиялги Аллагьасда лъалеб букIиналда малаикзаби кантIизарун, ТIадегIанав Аллагьас абуна: «нужеца рекIелъ бахчараб хиялги лъала»-абун.

وَإِذۡ قُلۡنَا لِلۡمَلَٰٓئِكَةِ ٱسۡجُدُواْ لِأٓدَمَ فَسَجَدُوٓاْ إِلَّآ إِبۡلِيسَ أَبَىٰ وَٱسۡتَكۡبَرَ وَكَانَ مِنَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٣٤

**34. Цинги дица малаикзабазда абураб гIужги бице МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дур умматалда, нужеца Адамие عَلَيْهِ السَّلَامُ**

**сужда гьабеян абун:** гьесие салам гьабун ва гьев кIодо гьавун: нужеда лъалареб гIелму гьесул батидал. Гьесие гIибадат гьабун сужда гьабе абураб магIна гуро гьаб. **Киналго малаикзабаца Адамие сужда гьабуна,** Аллагьасул амруялда нахърилъун: гьезул амруялъе хилиплъи букIуларо. **ЦохIо иблисалъ хутIизегIан:** Гьеб женазул эмен буго, Адам гIадамазул эмен вугев гIадин. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб амру гьабулеб мехалъ гьеб малаикзабазда гъоркьоб букIана ва гьеб амру гьелъдаги щвей гьабулеб букIана. **Гьеб сужда гьабизе ч1ухIана ва амру тIубазе нахъчIвана. Гьединлъидал Аллагьасул амруялда инкар ккураздаса буголъана**: Аллагьасул къадимияб (цебесеб, жиндир авал гьечIеб) лъаялъулъ букIана гьеб иблис капураздаса бук1ин ва гьаб амру тIубачIого ч1ун загьиралдаги гьеб капураздаса лъугьана.

Адамие عَلَيْهِ السَّلَامُ сужда гьабеян Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малаикзабазда амру гьаби гьев вижун хадубго бук1ана. Къуръаналда жаниб гьелъул бицен дагьаб нахъбахъун буго, Адамие кьураб г1елмуялъул биценги ццебе гьабун. Бищунго кIудиял мунагьал раккулеб бакI буго чIухIи. Гьеб чIухIиялъ гьалаг гьабуна иблис. «Дун цIаялдаса бижараб буго, гьев ракьалдаса вижарав вуго»-ян абуна иблисалъ дуца сужда щай гьабуларебан абураб мехалъ. Алагьасул свалат салам лъеяв Аварагас бицараб мухIканаб хIадисалда буго: *«Алжаналда лъугьуларо жиндир рекIелъ цо зарра гIанаб чIухIи бугев чи»*- абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Гьеб иблисалъул рекIелъ чIухIиги букIана, гIамал кIодолъиги букIана, хIакъаб жоялда мук1урлъунгутIиги букIана, Аллагьасул нигIматазда инкар кквейги букIана. Гьал киналго сипатал жиндилъ ругеб купруялъе гIоло ТIадегIанав Аллагьас гьеб жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьабуна ва абадияб жужахIалда букIине хIукмуги гьабуна.

وَقُلْنَا يَٰٓـَٔادَمُ ٱسْكُنْ أَنتَ وَزَوْجُكَ ٱلْجَنَّةَ
وَكُلَا مِنْهَا رَغَدًا حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا
هَٰذِهِ ٱلشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٣٥﴾

35. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Ва Дицаги абуна: Я Адам! Мунги дур чIужу ХIаваги алжаналда жанир ч1а ва нужеца алжаналъул нигIматалги кванай нужеего бокьараб бак1алдаса, нужее хIалалаллъун ва гIемераллъун ругел. Амма нуж гьаб гьветIалда аскIорго къаге ва гьелдаса кванаге, нагагь гьелдаса кванани нуж нужер нафсазе зулмо гьабураллъун рукIула»- абун.** Аллагьасда гIасилъун ва гьесул гIадлулъун бугеб тамихI нужеда щун.

ГIалимзаби халиплъана гьаб алжан зобалаздайищ бугеб, ракьалдайищ бугеб абун. ГIемерисел рекъараб рагIи буго гьеб алжан зобалазда

букIин ва амма гьеб ахираталда жанир рукIулеб алжан гьечIолъиялда. Щай абуни ахираталъул алжаналдаса къватIир рахъизаруларо. Цогиги гIалимзаби хилиплъана щиб гъветI гьеб букIараб абун. Гьелъие гIемерал хилапал руго ва нилъеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рагIиялда иман лъун кинаб гъветI букIаниги батIалъи гьабичIого тела: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ баян гьабичIеб жоялда гьез бицухъин иман лъей буго битIараб гIакъида (рекIел чIей).

Цоги гIалимзаби хилиплъана гьеб иблис кин алжаналда ккараб абун, жиб гьенисан къватIиб къотIунги букIиндал. Гьелда тIадги гIемер хабар буго: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изну гьечIого лъугьун букIине бегьилин абун, яги алжаналдаса къватIибги букIун, къватIисанго жинца гьел къосизарунин абун. Гьалдаги нилъеца Аллагьас абухъин иман лъола ва гьелъул хIакъикъат цIехоларо.

فَأَزَلَّهُمَا ٱلشَّيْطَٰنُ عَنْهَا فَأَخْرَجَهُمَا مِمَّا كَانَا فِيهِ ۖ وَقُلْنَا ٱهْبِطُوا۟ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۖ وَلَكُمْ فِى ٱلْأَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَمَتَٰعٌ إِلَىٰ حِينٍ ﴿٣٦﴾

**36. Цинги щайтIаналъ (иблисалъ) гьел кIиялго алжаналдаса хъуштIизаруна: гьел къватIир рахъизаруна алжаналъул нигIматаздаса:** рахIатаб, лазатаб щибго къварилъи гьечIеб, камураб жо гьечIеб, гьабизе щибго хIалтIи пиша гьечIеб рукъосан къватIир гъуна. **Ва дица гьездаги абуна: нуж гьанисан гIодоре рештIа, нуж цоял цоязе тушбаби рукIине руго.** Адамилги ХIавалги наслу-тухум цоцалъ хIал рекъоларел рукIине руго. Цоги гIалимаз абуна: нуж гьанисан гIодоре рештIаян Адамидаги, ХIавадаги иблисалдаги абуна. Гьаб магIна гьабураб мехалъ, хадусеб рагIиялъул магIна букIуна: иблисги Адамил наслуги цо-цазе тушбаби руго абураб. **Нужее ракьалда магIишат гьабун гIумру гьабизе бакI буго ва нужер ажал (гIумру) лъугьизегIан хIажалъулеб жоги буго- абун.** Ракьалда рештIун хадув Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ цIакъ пашманлъана жиндасан ккараб гъалатIалда, гьев гIемер гIодун, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ хIелун тавбо гьабун вукIана.

فَتَلَقَّىٰٓ ءَادَمُ مِن رَّبِّهِۦ كَلِمَٰتٍ فَتَابَ عَلَيْهِ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٣٧﴾

**37. Цинги Адамида Аллагьасул рахъалъан илгьам гьабун (ракIалда рехун) жинца Аллагьасда гьарун абизе кколел рагIаби рачIана. Гьел рагIабаздалъунги Адамица Аллагьасда гьарана. Гьелда хадуб БетIергьанас Адамил тавбо къабул гьабуна. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIемер тавбо къабул гьабулев вуго, жив лагъзадерида гурхIулевги вуго.** ТIадегIанав Аллагьас жинда салам лъеяв Адамида ракIалда рехарал калимаби рукIана: «Нижер БетIергьан Аллагь! нижеца напсазе зулмо

гьабуна. Гьанже мун нижеда гурхIичIони ва дуца нижер мунагьалги чуричIони, ниж ахират гIададе хварал, гьенир чIорого хутIулел руго» абун. (суратул агIраф 23 аят).

АбужагIфар абулев гIалимас бицана: Адамица عَلَيْهِ السَّلَام жиндир хатIаъ ккараб мехалъ, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Я БетIергьан Аллагь! Дица тавбо гьабуни ва хадуб лъикIаб гIамал гьабун дун хьвадани щиб дие букIинеб?»-абун. Аллагьас абуна: «Цинги дица мун алжаналда лъугьизавилаха» абун. Гьал ругин Аллагьас Адамил ракIалда рехарал рагIаби абун. Гьаб бакIалда гIалимзабазул цогиги бахIс буго.

قُلْنَا ٱهْبِطُوا۟ مِنْهَا جَمِيعًا ۖ فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُم مِّنِّى هُدًى فَمَن تَبِعَ هُدَاىَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٣٨﴾

**38. Дица абуна: нуж киналго** (ай Адамги ХIаваги ва гьезул букIинесеб зуриятги) **гьаб алжаналдаса ракьалда рештIа! Нужехъе дир рахъалъан тIоритIел бач1араб мехалъ:** авараг вач1араб мехалъ ва тIехьги рештIараб мехалъ: **гьеб дир тIоритIелалда нахъерилълъарал гIадамазе ахираталда щибго хIинкъи букIизе гьечIо ва гьел пашманлъизе гьечIо.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَآ أُو۟لَـٰٓئِكَ أَصْحَـٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَـٰلِدُونَ ﴿٣٩﴾

**39. Ва амма жидехъ авараг вачIун ва тIехьги рештIун хадуб жидеца инкар ккурал ва дир аяталги гьереси гьарурал гIадамал, гьел чагIи жужахIалъул гIадамал руго: жал даимго гьеб жужахIалда рукIунелги руго.**

Муслимица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса хIадис бицана:

*«Даимго жужахIалда букIунеб агьлу гьенир жанир хун рахIаталдаги рукIунаро, ч1агоги гьаруларо* (ай даимаб гIазабалда рукIуна). *Жидер мунагьаздалъун жужахIалда ккарал гIадамал гьенир жанир рухIун хола ва чIегIераб рохъо лъугьуна, цинги гьезие шапагIат гьабизе изно кьола»* абун. Ай цинги гьел къватIир рахъула ва кавсаралъ чурун алжаналда ритIула.

Гьаб бакIалдасан бай бихьун гIезегIанго аятазда жаниб ТIадегIанав Аллагьас ягьудиязул бицунеб буго. Гьезул бицен халат гьабиялъул мурад буго бусурбазе гьезул хIакъикъат лъазе ва гьезул квешал, хъубал напсаз жанир ккун ругел чорокал гIамалалги лъазе: хIал хъублъи, макро, хIилла, дин хвезаби ва цогидалги пишаби.

يَـٰبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتِىَ ٱلَّتِىٓ أَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ وَأَوْفُوا۟ بِعَهْدِىٓ أُوفِ بِعَهْدِكُمْ وَإِيَّـٰىَ فَٱرْهَبُونِ ﴿٤٠﴾

**40.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Я Исраилил лъимал! Нужер ракIалда букIа ва нужеца пикро гьабе дица**

**кьурал нигIматазул. Ва нужеца дие гьабураб къотIиги тIубазабе, дица нужее гьабураб къотIиги тIубазабизе буго.** гьеб къотIи хвезабизе, **цогидалги гIасилъаби гьаризе нуж дидаса хIинкъа»-** абун.

Бануисраил абула киналго ягьудиязда. «Исраил» абураб рагIиялъул магIна буго «Аллагьасул лагъ» абун. Гьеб цIарги жинда свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул вас ЯгIкъубида лъураб цIар буго. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел бануисраилазда амру гьабулеб буго: «нуж исламалде рачIа ва хирияв авараг МухIаммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахърилъа»- абун. Гьезул кIудияв эмен ЯгIкъубил цIаралдалъун ахIулеб буго гьезда, дов ЯгIкъуб Аллагьасе мутIигIав лагъ ва авараг вукIиндал. Гьаб рагIиялъул магIна букIуна: «Ле гьал лъикIав эмсул лъимал! нуж нужер инсуда релълъун рукIа ва гьев эменгIадин Аллагьасул амруялъе мутIигIлъе, хIакъаб исламияб динги босе»-абураб.

Нужее дица кьурал нигIматал ракIалде щвезаре ва гьездасан насихIат босе, абулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Гьел нигIматал руго: гIемерал аварагзаби рукIана ягьудиязул, гIемерал ханзабиги рукIана. Ва амма бищун кIудияб нигIмат букIуна БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел пиргIавнил зулмуялдасан хвасар гьарун, ралъдалъ пиргIавнги гьесул боялги гьанкъи ва гьеб кинабго пиргIавнил къавмалъул букIараб ракьги магIишатги жидее хутIи.

«Нужеца дие гьубараб къотIи тIубазабе»-ян абураб рагIиялъул магIна буго: дида иман лъезе ва дие мутIигIлъизе гьабураб къотIи тIубазабе абураб. ХIасанул Басрийи абулев гIалимас абуна: Аллагьасе гьез гьабураб ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие гьабураб къотIи буго:

ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бануисраилаздаса щулияб къотIи босана ва гьезул анцIила кIиго къавмалъул ццевехъанги витIана Мусагун عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ цадахъ ва гьездаги абуна: «Дун нужгун цадахъ вуго нужее квербакъизе. Нужеца какги бани, закатги кьуни, дир аварагзабазда иманги лъуни, гьезие квербакъиги гьабуни, Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб нухалда напакъаги кьуни,- Дица нужер цересел киналго мунагьал чурила ва жанир гIорал чвахулел алжаназдаги лъугьизарила. Гьелдаса хадувги иманалдаса вуссун капурлъарав чи хIакъаб нух биларав вукIизе вуго»-абун. (Алмаидат 12 аят)

**41. Ва нужеца иманги лъе,** нуж нахърилълъа **дица рештIизабураб Къуръаналда, нужехъ бугеб тавратги жинца ритIухъ гьабулеб. Нуж гьеб Къуръаналда инкар кколезул**

وَءَامِنُوا۟ بِمَآ أَنزَلْتُ مُصَدِّقًا لِّمَا مَعَكُمْ وَلَا تَكُونُوٓا۟ أَوَّلَ كَافِرٍۭ بِهِۦ ۖ وَلَا تَشْتَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِى ثَمَنًا قَلِيلًا وَإِيَّٰىَ فَٱتَّقُونِ ﴿٤١﴾

**тIоцереселлъун рукIунге. Дир хIакъаб Къуръаналъул аяталги рахчун,** Дир аварагасда иманги лъечIого, **дунялалъул бечелъи ва кIодолъи бичун босуге,** цIакъ дагьаб жо буго кинабго дунялалъул бечелъи: Къуръанги, ахиратги рехxун тун гьеб тIалаб гьабуге. Ва гьаб хIакъаб дин босичIого, гьеб бахчун хьвадизе **нуж дир гIазабалдаса хIинкъа.** Нуж бетIерлъиялда, ханлъиялда даимлъизе бокьун хIакъаб жо гIадамаздаса бахчуге: гьедин хьвадани дир гучаб гIазаб нужеде щвелеблъи лъай.

وَلَا تَلْبِسُوا۟ ٱلْحَقَّ بِٱلْبَٰطِلِ وَتَكْتُمُوا۟ ٱلْحَقَّ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤٢﴾

**42. Нужеца хIакъаб исламияб дин жубазабуге батIулаб ягьудиязул ва насраниязул диналда.** Гьереси битIараб рагIиялда жубазабуге ва хIакъаб жо батIулалда жубазабуге. **Нужеца хIакъаб жоги бахчуге гIадамаздаса: гьеб хIакъаб букIин нужеда лъалебги букIадго ва гьеб бахчиялдалъун гIадамазе кколеб заралги лъалеб букIадго.** МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вукIин ва гьесда рештIараб Къуръанги хIакъаб букIин лъаниги, гьел ягьудиязул ва насраниязул ццерехъабаз гьезда нахъ рилълъараздаса гьеб бахчулеб букIана, халкъалъ жал теялда ва жидер кIодолъи хвеялда хIинкъун. Гьеб квешаб тIабигIат гьезул букIин бицун рештIараб буго гьаб аят.

وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَٱرْكَعُوا۟ مَعَ ٱلرَّٰكِعِينَ ﴿٤٣﴾

43. ТIадегIанав Аллагьас гьезда абулеб буго: гьеб ахIмакъаб пишаги тун, **хIакъав авараг ритIухъ гьавун нуж гьесда нахърилълъа, ва нужеца гьев авараггун, гьесул асхIабзабигун цадахъ как бай, ва паризаяб закатги кье ва как балелгун цадахъ нужеца какалги рай.** Ай гьалъул хIасил буго нуж рукIа гьев МухIаммадил ﷺ иман лъураб умматалдаса ва гьелгун цадахъ.

۞ أَتَأْمُرُونَ ٱلنَّاسَ بِٱلْبِرِّ وَتَنسَوْنَ أَنفُسَكُمْ وَأَنتُمْ تَتْلُونَ ٱلْكِتَٰبَ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Нужеца гIадамазда амруйищ гьабулеб лъикIаб гIамал гьабе абун, нужеда нужгоги кIочон рукIун** ва нужецаго лъикIаб гIамалги гьабичIого.
**Нуж тIехь цIализеги лъалел, гIелмуги бугел рукIингун цадахъ** щай гьабулеб мекъаб иш. **Нужеда щай бичIунареб** гьеб иш къабихIаб букIин ва нуж гьелдасан кин руссунарел?
Гьаб аят жидехъе тIехь рештIарал ягьудиязул ва насраниязул гIалимзабазда гIайиб чIван рештIараб буго. Гьезул цо-цоял рукIана гIадамаз МухIаммадил ﷺ хIакъалъулъ гьикъараб мехалъ, гьев авараг вугин, гьесда нахърилълъаян абулел ва амма жалго

нахърилълъунарел. Гьезул хIакъалъулъ рештIараб бугониги гьаб аяталъ нилъ тIоритIулел руго лъикIаб жоялдалъун амру гьабилелде цереккун нилъ гьеб лъикIаб жо гьабулел рукIине ккеялда.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас бицараб хIадисалъулъ буго: *«Дун зобалазде вачараб сордоялъ* (мигIражалъул сордоялъ) *дун цо къавмалда аскIосан вачана, жидер мацIал цIадул кIукьмахаз къунцIулел ругел. Гьезул хIакъалъулъ дица гьикъидал, Жабраилас* عَلَيْهِ السَّلَامُ *абуна: гьел руго дур умматалъул вагIзачагIи: гIадамазда лъикIаб жо малъулел, жидецаго гьабуларел»* абун. ХIадис ибну ХIибаница бицана сахIихIалда.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасихъ цо чи вачIана ва гьес абуна: *«дие бокьун буго гIадамазда лъикIаб жо малъизе, ва квешаб жоялдаса гьел нахъчIвазе»-абун.* ИбнугIаббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: *«дуца гьеб гьабизе бегьула мун Къаръаналъул лъабго аяталъ инжит гьавиялда хIинкъичIони»-ян абун. Дов чияс абуна щал аятал гьел ругел?*-абун. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна:

<u>Цо аят буго</u>: Нужеца гIадамазда лъикIлъийищ малъулеб, нужеда нужерго напсалги кIочон рукIун»- абураб. *Гьаб аяталъул хIакъ тIубан бугищ дуца?- абун. Дов чияс абуна «гьечIо» абун.*

*ИбнугIаббасица* رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ *абуна: <u>КIиабилеб аят буго</u>:* «Нужецаго гьабулареб жо щай нужеца бицунеб? Аллагьасул цIакъ ццим бахъулеб иш буго жидеца гьабулареб жо бицин»! *гьаб аяталъул хIакъ тIубан бугищ дуцца?»-абун. Дов чияс абуна «гьечIо» абун.*

*Цингиги ИбнугIаббасица* رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ *абуна: <u>Лъабабилеб аят буго</u> Аллагьасул салам лъеяв ШугIайб аварагас абураб рагIи:* «Дие бокьун гьечIо нужеда гьабугеян абулеб жо дица гьабулевлъун вукIизе»- *абун. Гьаб аяталъул хIакъ тIубан бугищ дуца?»-абун. Дов чияс абуна «гьечIо» абун. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: гьедин бугелъул дуца амру- нагью гьабизе бай бихье дурго напсалдаса»- абун.* ХIадис ибну Мардавейгьица тафсиралда бицана.

Цоги гIалимзабаз абуна: камилав чияс гурони амру-нагью гьабизе бегьичIони, гьеб гьабизе цониги чи щоларо нилъее-абун. Гьаб киналъулго хIасил гьабун гIалимзабазда тIадаб буго жинца гIадамазда малъулеб жоялъулъ жив мисаллъун вукIизе. Гьел гIалимзабазда гIенеккулездаги тIадаб буго гьезул гъалатIал цIехечIого гьез малъулеб лъикIаб жо босизе.

وَٱسْتَعِينُواْ بِٱلصَّبْرِ وَٱلصَّلَوٰةِ وَإِنَّهَا لَكَبِيرَةٌ إِلَّا عَلَى ٱلْخَٰشِعِينَ ﴿٤٥﴾

45. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъиги ахиратги щвезе бокьун батани, **нужеца гьеб щвеялъе квербакъи тIалаб гьабе**

**сабруялдалъунги Аллагьасе какал раялда тIад чIунги,** гьесда гIасилъиялдаса ц1унун ччун сабруги гьабун, Паризаял какал хIукъукъал ц1унун раялдалъун. **Гьаб амруялда нахърилълъинги ва паризаяб как баялда тIад ч1ейги мунапикъзабазе, иман загIипал чагIазе цIакъ бакIаб к1удияб жо буго. Ва амма Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун гьесие мутIигIлъун, гIодовегIанлъун тIагIат гьабулезе захIматаб гьечIо гьаб амру.**

**46. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун рукIунел муъминзаби руго ахираталда БетIергьанасда данде чIвазе рукIин жидеда лъалел** хIисаб-суал гьабизе.

ٱلَّذِينَ يَظُنُّونَ أَنَّهُم مُّلَٰقُواْ رَبِّهِمْ وَأَنَّهُمْ إِلَيْهِ رَٰجِعُونَ ﴿٤٦﴾

**Ва щибго шаклъи гьечIого жал Аллагьасде руссине рукIинги лъалел.** Жидер кинабго амру Аллагьасул ихтияралда гъоркь букIин ва гьев БетIергьанас жиндир цIобалдалъун алжан кьейги, жиндир гIадлуялдалъун гIазаб гьабиги хIакъаб жо букIинги жидеда лъалел.

47. Т1адегIанав Аллагьас ягьудиязда гьезул ццере арал умумузе кьурал нигIматал рицун вагIза гьабун абулеб буго: **Я бануисраилал! Нужеда ракIалда букIа ва нужеца пикруги гьабе дица нужее кьурал нигIматазул. Ва дица нужер умумул хира гьаруна гьеб заманалъул цогидал гIадамаздаса.**

يَٰبَنِيٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱذْكُرُواْ نِعْمَتِيَ ٱلَّتِيٓ أَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ وَأَنِّي فَضَّلْتُكُمْ عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٤٧﴾

Гьаб аяталда жаниб гьел ягьудиязда абулеб буго «Дица нуж хира гьаруна киналго гIадамаздаса»- абун. Гьелдаса бичIчIизе бегьуларо гьел МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасул умматалдаса хириял ругин. Мух1аммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ уммат бищунго хирияб бук1иналъе далил буго Къуръаналъул аят: «Нуж руго бищун лъикIаб уммат, Аллагьас цогидаб халкъалъе мунпагIаталъе бижараб»-абураб. (Али-г1имран 110 аят).

Цоги гьелъие далил буго аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рагIи:

*«Нуж руго лъабкъоялда анцIабилеб уммат. Нуж гьезул бищун лъикIал руго ва Аллагьасда аскIор бищун хириялги руго»*-абураб. Х1адис имам Тирмизияс ва Х1акимица бицана.

**48. Ва нуж Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъизе хIинкъа, цо напсалъе цоги напсалъ щибго хайир гьабулареб, гьезул цоцазе гьабулеб шапагIатги къабул гьабулареб къиямасеб къоялъул г1азабалдаса**

وَٱتَّقُواْ يَوْمًا لَّا تَجْزِي نَفْسٌ عَن نَّفْسٍ شَيْـًٔا وَلَا يُقْبَلُ مِنْهَا شَفَٰعَةٌ وَلَا يُؤْخَذُ مِنْهَا عَدْلٌ وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿٤٨﴾

**хIинкъун. Гьеб напсалъ кигIан гIемер боцIи-мал кьела абуниги гьебги босулареб, гьезие квербакъулев, гьездаса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб нахъчIвазе кIолев щивго чиги гьечIеб.**

Гьеб къоялъ щивав чи жиндирго напсалда машгъуллъун вукIуна ва гIагарав вукIаниги, гьудул-гьалмагъ вукIаниги, гьев чи цогиясда гурхIуларо. Цогидасда балагьизе регIараб хIалги букIунаро, хIисаб-суал лъугьун, Аллагьас лъикIаб агьлоялдасан гьавун сиратI бахинегIан.

وَإِذۡ نَجَّيۡنَٰكُم مِّنۡ ءَالِ فِرۡعَوۡنَ يَسُومُونَكُمۡ
سُوٓءَ ٱلۡعَذَابِ يُذَبِّحُونَ أَبۡنَآءَكُمۡ
وَيَسۡتَحۡيُونَ نِسَآءَكُمۡۚ وَفِي ذَٰلِكُم بَلَآءٞ مِّن
رَّبِّكُمۡ عَظِيمٞ ٤٩

**49. Нужеца ракIалде щвезабе дица нуж пиргIавнил къавмалдаса хвасар гьарураб гIуж ва гьелдаса вагIза-насихIат босе: нужее квешаб гIазаб гьабулел рукIарал, жидеца нужер васалги хъолел рукIарал ва нужер ясалги чIаго толел рукIарал** жидее хъулухъ гьабизе лагъзаллъун ккезе. **Гьеб пиргIавнил къавмалъ нужее гьабулеб букIараб к1удияб къварилъиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугеб нужер хIалбихьи гьаби букIана.**

Инша Аллагьу тагIала гьав пиргIавнил къиса гIатIидго бицила жиндир бакIалда. (суратул Къассасс). ПиргIавн абулеб рагIи буго мисриялъул (Египеталъул) ракьалда капурав ханасда абулеб букIараб цIар. Къайсар абулаан румазул ва шамалъул агьлоялъул капурв ханасда. Кисра абулаан Персазул капурав ханасда. Туббаг1 яманалъул ханасда абулеб ц1ар бук1ана, Нажаши абулаан х1абашиязул (африкаялъул) ханасда.

وَإِذۡ فَرَقۡنَا بِكُمُ ٱلۡبَحۡرَ فَأَنجَيۡنَٰكُمۡ وَأَغۡرَقۡنَآ
ءَالَ فِرۡعَوۡنَ وَأَنتُمۡ تَنظُرُونَ ٥٠

**50. Цинги Дица нужее ралъад хъвалхьараб гIужги ракIалде щвезабе. Дица нуж гьеб ралъдалъан къватIир рачун хвасар гьаруна пиргIавнил зулмуялдаса. Ва балагьун нужгун пиргIавнги гьесул къавмги гьеб ралъдалъ гъанкъизаруна.**

Жинда салам лъеяв Муса авараг бануисраилалги рачун къибтIияздаса лъутун унеб заман букIана гьеб. Гьел ралъдал рагIалда щвараб мехалъ ва церехун ине нух гьечIеб бак1алда ккараб мехалъ, пиргIавн цIакъ гIемерал боялгун хадув вач1ун гIагарлъизе рекIана. Бануисраилал хIинкъун Мусада عَلَيْهِ السَّلَام зигардизе рекIана гьанже щиб нилъеца гьабилеб абун. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَام абуна: нуж хIинкъуге, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нилъгун цадахъ вуго абун. Цинги Аллагьас амру гьабун, Мусаца ралъадалда гIанса кьабуна: анцIила кIиго нух жанисан бугеб, сверухъ мугIрул гIадин лъим чIараб хIал лъугьана ралъадалъул, гьенисан рилълъун бануисраилал къватIире ана. Гьезда хадур рачIун пиргIавнил боял

жанир лъугьиндал, БетIергьан Аллагьас ﷻ ралъад тIатIала биччана ва гьел киналго гъанкъана.

*Гьаб къо мухIарам моцIалъул анцIабилеб къо букIана, гьеб къо кIодо гьабун ягьудияз кIал кколеб батана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда жив Мадиналде щведал. Муса кIодо гьавизе нужедасаги нижжь хIакъал руго абун, аварагас ﷺ гьеб къоялъ кIал ккуна ва гьеб нилъееги сунат буго.* ХIадис имам Бухарияс бицана.

وَإِذْ وَٰعَدْنَا مُوسَىٰٓ أَرْبَعِينَ لَيْلَةً ثُمَّ ٱتَّخَذْتُمُ ٱلْعِجْلَ مِنۢ بَعْدِهِۦ وَأَنتُمْ ظَٰلِمُونَ ﴿٥١﴾

**51. Цогиги нужеца ракIалде щвезабе дица Мусае** ﷺ **кIикъого къо къотIи гьабураб заман,** гьесухъе таврат кьезе. Цинги Муса авараг Аллагьас ﷻ ахIун ТIурусайнаъ магIарда индал, **нужеца бече Аллагьлъун ккуна:** нужее Самирияс гIарац-месед биун, нужедаги бихьун гьабураб. **Нуж гьеб гIамалалдалъун Аллагьасул амруялдаса рахъана ва нужерго напсазе зулмо гьабураллъун лъугьана,** гьел гIазабалъе хIакъ гьаруна.

ثُمَّ عَفَوْنَا عَنكُم مِّنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Цинги дица нуж тIаса лъугьун тана ва нужее гIазаб гьабичIо гьеб къабихIаб, гIодобегIанаб пишаялда данде; нужеца дир нигIматазе щукро гьабизе бокьун ва иманалда чIезеги бокьун.**

وَإِذْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْفُرْقَانَ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Жинда салам лъеяв Мусахъе Дица таврат кьураб гIужги ракIалде щвезабе, хIакъабги батIулабги жо жинца батIа гьабулеб,** битIараб нухги къосинги баян гьабулеб тIехь кьураб. **Нужее вагIзалъун букIине ва нуж хIакъаб диналда тIоритIунги рукIине.** Гьеб тавраталда хъвараб жоялъул пикру гьабун ва гьелда гIамал гьабун.

وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦ يَٰقَوْمِ إِنَّكُمْ ظَلَمْتُمْ أَنفُسَكُم بِٱتِّخَاذِكُمُ ٱلْعِجْلَ فَتُوبُوٓا۟ إِلَىٰ بَارِئِكُمْ فَٱقْتُلُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ عِندَ بَارِئِكُمْ فَتَابَ عَلَيْكُمْ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٥٤﴾

**54. Цинги Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **аварагас къавмалда абураб гIуж ракIалда щвезабе: «Я дир къавм! Нужеца нужерго напсазе зулму гьабуна, жиндие лагълъи гьабизе бечеги ккун,** Аллагьги ﷻ кIочон тун. **Гьанже нужеца тавбо гьабе жинца нуж рижарав БетIергьанасе,** гьев кIочон, гьесул нигIматалги кIочон нуж гIасилъиялдаса. **Гьеб тавбоги нужерго напсал чIваялда жаниб буго. Гьедин тавбо гьаби нужее лъикIаб**

**буго нужер БетIергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб.**
Нуж гьесул амруялда мутIигIаллъун рукIина ва ахираталда гьесул гIазабалдаса хвасарлъила. Нуж товбо гьабун цояз цоял чIваялда ана **ва Аллагьас нужер тавбо къабул гьабуна. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца тавбо къабул гьабулев ва жив ц1акъ гурхIулев вуго.**
ИбнуисхIакъица бицана: Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг Аллагьасда кIалъазе ун Таврат босун вачIиндал, гьесда жиндир къавм бачие лагълъи гьабулел ратана, Гьарунгун عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ цадахъ лъабкъоялда анцIго чи хутIизегIан. Мусаца бухIун рохъо гьабун, гьеб бечеги ралъдаде щущана ва гьев гьанжеги ТIурусайнаъ магIарде ана къавмалда тIаса лъугьаян Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаризе. Гьевгун цадахъ бачие лагълъи гьабичIел лъабкъоялда анцIго чиги вукIана. БетIергьан Аллагьас пири речIун гьелги хвезаруна. Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарун ва гIодун, гьес абуна: «гьанже гьал бачие лагълъи гьабич1елги гьалаг гьарун дун къавмалъухъе кин тIад вуссинев?»- абун. Аллагьас гьел чIаго гьаруна ва Муса аварагасда абуна гьеб бачие лагълъи гьабураб къавмалъе тавбо буго цояз цоял чIвай»-абун.
Гьаб хабарги босун жинда салам лъеяв Муса къавмалъухъе вачIиндал, жидеца гьев ритIухъ гьавуна ва, хвалчен-ханжаргун, нусалгун къватIире рахъун, Аллагьасул амру тIубазе х1адурлъана. Цинги Аллагьас гьезда тIад бецIаб накIк1 лъуна ва гьез цояз-цоял чIвазе байбихьана. Къавм тIагIизе рекIиндал, Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьардана гьал хутIарал гIаги чIаго теян абун. НакIк1 тIаса босун канлъи бачIиндал лъабкъоялда анцI азарго чи чIван ватана. Гьезул чIван хваразе шагьидазул хIукму букIана, чIаго хутIаралги гьездаса Аллагь тIаса лъугьарал рукIана. Гьаб къиса бицунаго Аллагьас абулеб буго.

وَإِذْ قُلْتُمْ يَٰمُوسَىٰ لَن نُّؤْمِنَ لَكَ حَتَّىٰ نَرَى ٱللَّهَ جَهْرَةً فَأَخَذَتْكُمُ ٱلصَّٰعِقَةُ وَأَنتُمْ تَنظُرُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Нужеца** (ай нужер умумуз) **Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда абураб заман ракIалда щвезабе:** гьевгун цадахъ ТIурусайнаалда къавмалда тIаса рищарал лъикIал чагIазул лъабкъоялда анцIго чи араб мехалъ: **«Я Муса! Нижеца дуда тIубанго иман лъоларо, нижеда загьирго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вихьизегIан»-абун. Цинги нуж гучаб гьаракьалъ ва цIаялъ гьалаг гьаруна, гьеб цIа бачIиналда ва нужеда г1азаб рештIиналда нужги балагьун рук1адго.**

ثُمَّ بَعَثْنَٰكُم مِّنۢ بَعْدِ مَوْتِكُمْ لَعَلَّكُمْ

**56. Цинги нуж чIаго гьаруна гьедин хвезе гьарун хадубги,**

تَشۡكُرُونَ ﴿٥٦﴾

нужеца БетӀергьан Аллагьасе щукру гьабизе г1оло.

وَظَلَّلۡنَا عَلَيۡكُمُ ٱلۡغَمَامَ وَأَنزَلۡنَا عَلَيۡكُمُ ٱلۡمَنَّ وَٱلسَّلۡوَىٰۖ كُلُواْ مِن طَيِّبَٰتِ مَا رَزَقۡنَٰكُمۡۚ وَمَا ظَلَمُونَا وَلَٰكِن كَانُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ يَظۡلِمُونَ ﴿٥٧﴾

**57. Нуж** Тигь абулеб ракьалда кӀикъого соналъ сверулел хутӀун, бакъуца рухӀун, ракъун, къечон ругеб мехалъ **Дица нужее рагӀадалъе накӀк1 гьабуна ва зодисан манна ва салва рештӀана. Нужедаги абуна дица нужее ризкъилъун кьураб лъик1аб т1аг1ам кванай абун. Дица нужее зулму гьабичӀо, кинниги нуж рукӀана нужеего зулму гьабураллъун.**

«Манна» абулеб квен хъахӀаб гьуинаб гьоцӀо гӀадаб жо букӀана: щибаб радал гъутӀбузда, хералда рештӀунаан гьеб. «Сальва» абулеб жоги хӀанчӀазул гьан буго. Радал щивав чияс сордо-къоялъе гӀезегӀанаб жо босулаан гьеб кӀиябго квеналдаса.

КӀикъого соналъ бануисраилал Тигь абулеб ракьалда свердула хутӀиялъе гӀилла бицун буго: жинда салам лъеяв Мусагун цадахъ Мисраялъул ракьалдаса рачӀун гьанже Палестина бугеб бакӀалде щведал, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда амру гьабун букӀана нуж Байтул-мукъадас бугеб бакӀалде аян абун ва гьеб ракьалда бугеб квешаб къавмалда рагъ бан, гьелги къватӀир къотӀун гьенир чӀаян. Гьеб ракь нужее нужер эмен ЯгӀкъубица тараб ракь бугин.

Амма бануисраилал гьел квешал чагӀазда рагъ гьабизе хӀинкъана: гьезул кутакал чурхдул ва лебалаб ярагъ бихьун. Гьез Мусада عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «Мунги дур Аллагьги а гьелгун рагъизе»- абун. Гьаб Аллагьасул амру теялдалъун гьабуна гьезие кӀикъого соналъ гӀазаб: Тигь абулеб ракьалда свердулел хутӀана гьел. Муса عَلَيْهِ السَّلَام авараг хун хадуб, Юшаг1 авараглъун вугеб мехалъ, гьезие изно кьуна Байтул-мукъадасалде лъугьизе.

وَإِذۡ قُلۡنَا ٱدۡخُلُواْ هَٰذِهِ ٱلۡقَرۡيَةَ فَكُلُواْ مِنۡهَا حَيۡثُ شِئۡتُمۡ رَغَدٗا وَٱدۡخُلُواْ ٱلۡبَابَ سُجَّدٗا وَقُولُواْ حِطَّةٞ نَّغۡفِرۡ لَكُمۡ خَطَٰيَٰكُمۡۚ وَسَنَزِيدُ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Дица гьел умумузда абураб гӀуж рехсе нужеца: нуж гьаб росолъе лъугьа,** нужее гьеб ватӀанлъун букӀине. **Нужеца гьенир ругел нигӀматалги кванай нужеего бокьараб бакӀалдаса, нужее гьеб квен хӀалалаб ва бигьаяб бугеб хӀалалъ. Росолъе лъугьунаго гьелъул рагьдухъан нуж лъугьа Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **хӀелун, бетӀер гӀодобе къулун,** Тигь ракьалдасан къватӀире рачӀиналъе щукро гьабун. **Ва нужецаги абе: «нижер мунагьал чуре Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**, нижер хатӀаал т1асан реххун те Аллагь»-**

**абун. Дица нужер мунагьал чурила ва, жидер гIамал лъикIго бацIцIадазе, ажро кириги цIик1кIизабила-абун.**
Гьаб Аллагьасул амруги хвезабун гьел росолъе лъугьана бетIер зодобе борхун, ва нахъ-нахъ рохокъот1ода хъурщун.

فَبَدَّلَ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ قَوْلًا غَيْرَ ٱلَّذِى قِيلَ
لَهُمْ فَأَنزَلْنَا عَلَى ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ رِجْزًا مِّنَ
ٱلسَّمَآءِ بِمَا كَانُوا۟ يَفْسُقُونَ ﴿٥٩﴾

**59. Ва амма иман гьечIел, напсазе зулмо гьабулел гIадамаз гьезда абураб рагIи хисизабуна** «Нижер мунагьал чуре Аллагь» абураб рагIи хисизабуна жидеда абеян абичIеб цоги рагIиялдалъун, **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амру гIодобегIан гьабун ва Юшаг1** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **махсароде гьавун. Цинги гьел зулму гьабурал гIадамазда дица зодисан квешаб балагь рештIизабуна, гьез гьабураб пасикъаб ишалъе гIоло: гьел Аллагьасда гIасилъиялъе гIоло, ва гьесда мутIигIлъиялдаса рахъиялъе гIологи.**
ГIалимзабаз абуна: квешаб унти баккун цохIо къоялда жанив лъабкъоялда анцIазар чи хвана гьезул абун.

۞ وَإِذِ ٱسْتَسْقَىٰ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦ فَقُلْنَا ٱضْرِب
بِّعَصَاكَ ٱلْحَجَرَ ۖ فَٱنفَجَرَتْ مِنْهُ ٱثْنَتَا
عَشْرَةَ عَيْنًا ۖ قَدْ عَلِمَ كُلُّ أُنَاسٍ مَّشْرَبَهُمْ ۖ
كُلُوا۟ وَٱشْرَبُوا۟ مِن رِّزْقِ ٱللَّهِ وَلَا تَعْثَوْا۟ فِى
ٱلْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ﴿٦٠﴾

**60.** ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: «**Нужеца ракIалда щвезабе** Тигь абураб ракьалда свердулаго нужер умумул къечалъ гьалаг гьарураб гIуж **ва жинда салам лъеяв Мусаца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьарараб гьеб къавмалъе гьекъезе лъим кьеян абун. Цинги Дица Мусада абуна: «дуца дур гIанса цо** (кинаб бугониги) **гамачIалда кьабе, гьелдаса нужее лъим баккизе буго,** Дир къудраталдалъун ва дуе мугIжизатлъун-абун.
БетIергьанас малъухъин Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIанса кьабуна **ва гьеб гамачIалдаса чвахун лъим баккана. АнцIила кIиго иццул лъим гIадин бикь-бикьун чвахана гьеб лъим: гьел бануисраилазул анцIила кIиго къокъа-кьибил букIана ва щибаб къокъаялъе цо-цо ицц гьабуна. Ва гьезда лъана жидер лъим.** Цо-цалъ къецандичIого щибаб къавмалъ лъималдаса мунфагIат босизе г1оло гьабуна гьезие анц1ила к1иго ицц.
**БетIергьан Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьезда абуна: «Нужеца дир ризкъиялдаса кванай ва нужеца гьаб лъимги гьекъе** щибго нужеда гIакъуба-захIмат бихьичIого, чIобого кьолеб буго гьеб. Гьадин дица рахIаталда хьихьун ругелъул, **гьаб ракьалда тIад пасалъи, зулму гьабун хьвадуге нуж,** нагагь нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазда щукро гьабичIони, гьел

нигIматал нужедаса нахъе росизеги бегьула.

61. Ва гьелдаги тIаде нужер умумуз абураб гIуж ракIалда щвезабе доб Тигьалда жал рукIадго ва гьедин рахIаталда квенги лъимги ретIелги жидее кьун букIадго ва гьезие рагIад гьабун тIад накIк1ги чIун букIадго: **Я Муса! нижеца сабро гьабуларо гьаб цого тIагIамги кванан,** нижее гьеб чIалгIун буго ва рихун буго. **Дуца дур БетIергьанасда ахIи бай нижее ракьалдаса батIи-батIиял нигIматал раккизареян: ламадор, памидор, охцер гIадаб, хъарбуз пастIан гIадаб, ражи-пер гIадаб, тIепало багIар гьоло гIадаб- абун.**

وَإِذۡ قُلۡتُمۡ يَٰمُوسَىٰ لَن نَّصۡبِرَ عَلَىٰ طَعَامٖ وَٰحِدٖ
فَٱدۡعُ لَنَا رَبَّكَ يُخۡرِجۡ لَنَا مِمَّا تُنۢبِتُ
ٱلۡأَرۡضُ مِنۢ بَقۡلِهَا وَقِثَّآئِهَا وَفُومِهَا
وَعَدَسِهَا وَبَصَلِهَاۖ قَالَ أَتَسۡتَبۡدِلُونَ ٱلَّذِي
هُوَ أَدۡنَىٰ بِٱلَّذِي هُوَ خَيۡرٌۚ ٱهۡبِطُواْ مِصۡرٗا
فَإِنَّ لَكُم مَّا سَأَلۡتُمۡۗ وَضُرِبَتۡ عَلَيۡهِمُ ٱلذِّلَّةُ
وَٱلۡمَسۡكَنَةُ وَبَآءُو بِغَضَبٖ مِّنَ ٱللَّهِۗ ذَٰلِكَ
بِأَنَّهُمۡ كَانُواْ يَكۡفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ
وَيَقۡتُلُونَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ بِغَيۡرِ ٱلۡحَقِّۗ ذَٰلِكَ بِمَا عَصَواْ
وَّكَانُواْ يَعۡتَدُونَ ٦١

**Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагас гьезда абуна: «Нужеца Аллагьас зодисан рештIараб лъикIаб тIагIамги тун ракьулъан бижулеб ражи-пер гIадаб жойищха тIалаб гьабулеб бугеб! Гьедин батани нуж цо бокьараб росулъе лъугьа ва гьенир гIумро гьабун чIа. Гьениб батизе буго нужеда нужеца тIалаб гьабулеб жо»-абун.**

**Цинги гьел ягьудиязда тIад мугьругIадин мискинлъи ва гIодогIанлъи чIвана.** (ай гьезда тIад ч1чIана гьеб сипат ва даимго гьеб сипат тIаса унарел руго, кигIан жал бечелъаниги ва ханзаби, хIакимзаби ругониги). **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъараллъунги лъугьуна гьел.**

Гьаб гIодобегIанлъи, хIакъирлъи ва Аллагьасул ццим бахъи гьезие щвана **гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятазда инкар кквеялдалъун ва щибго гIиллаго гьечIого аварагзаби عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ чIван рукIиналдалъунги.** Аварагзаби чIвазе гIилла букIуларо, букIинчIониги чIвана ягьудияз гIемерал аварагзаби. **Муса аварагас гIемерал мугIжизатал рихьизаруниги, щибаб нухалъ гьесда мутIигIлъичIого данде рахъунел рукIиналъги. Гьединго гьез ракьалда гIемер зулму-пасалъи гьабиялъги.**

Гьадинал гIорхъолъан рорчIарал пасалъабиги, кутакаб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIассилъиги гьабидал лъугьана ягьудиял гIодорегIаналлъун ва Аллагьасул ццим бахъараллъун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна.

*«Кибру (чухIи, гIамал кIодолъи) буго хIакъаб жо нахъчIвай ва гIадамал*

*гIодорегIан гьари»* абун. ХIадис имам Бухарияс бицана.

Аллагьасда инкар кквеялдасанги, аварагзаби чIваялдасанги кIудияб купру ва кибро щибха букIинеб? Гьединлъидал Ягьудиязда Аллагьас дунялалдаги ахираталдаги гIодогIанлъи тIад гьабуна ва кидаго тIаса унареб ургъел-къварилъиги гьезул сипатлъун гьабуна.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَٱلَّذِينَ هَادُواْ وَٱلنَّصَٰرَىٰ وَٱلصَّٰبِـِٔينَ مَنْ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْـَٔاخِرِ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَلَهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ٦٢

**62.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда хилиплъаразул хIал бицун хадуб БетIергьанас жинда мутIигIлъаразе ва аварагзабазда нахърилълъаразе бугеб лъикIлъи бицун абуна: **ХIакълъунго жидеца МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъурал гIадамал, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ ва Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда иман лъуралги, Ассабиунал абулел гIадамалги: гьал умматазул жидеца ритIухъаб, камилаб, ширк гьоркьоб гьечIеб х1алалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал, ахир къиямасеб къоялдаги, гьениб букIинесеб жоялдаги иман лъурал, жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал**: Аллагьасул амруялда мутIигIлъун, гьеб тIубазабун. **Гьал гIадамазе БетIергьан Аллагьасда аскIоб ажро-кири буго** ва гьез гьабураб лъикIаб гIамалалдаса щибго жо мукъсан гьабуларо. **Ахираталда капурзаби гIазабалдаса хIинкъулеб мехалъ гьал муъминзабазе хIинкъиги гьечIо, гьединго жидеца лъикIаб гIамал гьабичIел пашманлъидал гьезие щибго пашманлъиги букIине гьечIо.**

Гьаб аяталъул магIна буго: жинда Аллагьасул салам лъеяв Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ витIараб мехалъ гьесда нахърилълъарал ва Аллагьасда иман лъун, Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ мутIигIлъун хьвадарал. Гьев хун хадубги Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг витIизегIан хисизабичIого Тавраталда гIамал гьабун чIарал, цинги ГIиса авараг вачIараб мехалъ гьесда нахърилълъун, жидеца ццебе гьабулеб букIараб динги тарал ягьудиязе буго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб ажро.

Аллагьасул салам лъеяв ГIиса авараг витIараб мехалъ гьесда нахърилълъарал, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъурал, гьев Г1иса хведалго инжилалда гIамалги гьабун динги хисизабичIого хьвадарал, цинги МахIаммад ﷺ авараг витIарб мехалъ жидеца гьабулеб динги тун гьесда нахърилълъарал насраниязеги буго Аллагьасда аскIоб ажро.

Киналго диналги насхо гьарун (хвезе гьарун, хисун) кинабго гIаламалда жив витIарав, аварагзабазул ахиравги жив гьавурав, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг витIун хадуб цоги дин къабул гьабуларо ва киназдаго тIадаб буго гьесда нахърилълъине. Инжил-Тавраталъул

агьлулъун рукIарал гIадамал, китабиял гьезда абуниги, гьезул хъураб жо кваназе нилъее х1алал гьабуниги, гьел гIадамал капурал рукIуна ва гьезие ахираталда жужахIалъул гIазаб гьабула. Гьаб масъала бичIчIизе ккола.

Бануисраилазда ягьудиял абун ц1ар теялъулъ г1алимзабазул хилап буго. Цояз абуна гьел цо-цазда рокьа-хинлъи бугел рук1иналъ лъунин гьеб ц1арилан. Цогидаз абуна гьез тавбо гьбиялъ лъунин гьеб ц1арилан. Яг1къубил Ягьбуда абурав васасда г1унт1изарун лъураб ц1ар бугин абулелги г1алимзаби руго.

Насраниязда гьеб ц1ар лъеялъе сабаб буго гьел Г1иса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ нахърилълъун, гьесие квербакъи гьабун хьвади. Цояз абуна «Насират»-абураб ракьалда рук1арал г1адамал рук1иналъ лъунин гьеб ц1ар абун.

«Ассабиуна» абулел гIадамал: цо гIалимзабаз абуна гьел жидехъ авараг вачIинчIел, амма Аллагьасда иман лъурал гIадамал ругин абун. Цоги гIалимзабаз абуна гьел ругин ягьудиязул, яги насраниязул гIадамал, жидер динги тун малаикзабазе лагълъи гьабурал. Цогидаз абуна гьел ц1вабзазе лагълъи гьабулел г1адамал ругин абун. Гьаздаги тIадаб буго МухIаммад аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахърилълъине, ва гьезул динги батIулаб, ширкияб дин буго.

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَكُمْ وَرَفَعْنَا فَوْقَكُمُ ٱلطُّورَ خُذُوا۟ مَآ ءَاتَيْنَٰكُم بِقُوَّةٍ وَٱذْكُرُوا۟ مَا فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿٦٣﴾

**63.** ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бануисраилазда абулеб буго гьезул умумузул хIал бицун ва гьезда щвараб инжитлъи бицун:

**Нужеца ракIалда щвезабе нужедаса Тавраталда гIамал гьабизе къотIи босараб гIуж ва хIал. Дица нужеда тIад ТIур мегIер борхана ва гьеб нужеда тIад бегизе гIагар гьабуна. Нуж хIинкъун мутIигIлъидал, нужеда абуна: «гьаб нужехъе кьураб Тавраталда мухIканго гIамал гьабе ва гьениб жаниб бугеб жо бич1чIун, гьелда нахърилълъа, цинги нуж Аллагьасул гIазабалдаса ц1унараздаса рукIине руго»-абун.**

ГIалимзабаз абуна: гьел бануисраилал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъиялъ ракI чIегIерлъарал, чIухIи, гIамал кIодолъи тIабигIатлъун ккурал рукIана. Гьезда Тавраталда гIамал гьабеян абидал ва гьелда жанир ругел хIукмаби рихьидал, гьез гьеб гIамал гьаби тIад босичIо. ТIадегIанв Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Т1ур мегIер эхедеги борхун гьеб къавмалда тIад рукъалъул тIох гIадин гIагар гьабуна. Цинги хIинкъун гьел суждаялда речIчIана ва Аллагьасда гьаризе, гIодизе лъугьана.

Гьезул суждаги букIана гьумералъул цояб рахъ ракьалда цузабун, цояб бер эхедехун балагьун, гьеб мегIер жидеда т1ад бортиялда хIинкъун. Гьезул хIалалъул загIиплъи ва гIодогIанлъи бихьидал, Бет1ергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьездаса гIазаб борхана.

ثُمَّ تَوَلَّيْتُم مِّنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ ۖ فَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ لَكُنتُم مِّنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Цингиги нуж гьеб Тавраталда гIамал гьабиялдаса руссана:** гьеб щулияб къотIи босун хадуб, ва нужедаса Т1ур мегIерги борхун хадуб. **БетIергьан Аллагь гурхIел бергьарав, цIобал гIатIидав вукIиналъ, цогиги аваргзаби ритIун нуж диналда ахIана. Гьев БетIергьан Аллагьасул цIоб-рахIму букIинчIебани нуж дунялалдаги ахираталдаги гьалаглъараздаса ва чIорого хутIаразадаса рукIинаан.**

وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ ٱلَّذِينَ ٱعْتَدَوْا۟ مِنكُمْ فِى ٱلسَّبْتِ فَقُلْنَا لَهُمْ كُونُوا۟ قِرَدَةً خَٰسِـِٔينَ ﴿٦٥﴾

**65. ХIакълъунго нужеда лъала я ягьудиял, шамат къоялъул амруялъулъ гIасилъарал умумузе лъугьараб жо: Дица гьезда абуна нуж маймалакаллъун ва болъоналлъун рукIа- абун.** Ай дица гьел сверизаруна гьел хIайваназул сураталда.

Гьазул къиса хадуб гIатIидго бицина жиндир бакIалда, иншаАллагь. Къокъго абуни: гьаб агьлу букIана Айлат росдал гIадамал. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда тIад къан букIана, гьезул хIал бихьизе, шамат къоялъ ччугIа ккоге абун. Ралъдал рагIалда бугеб росо букIана гьеб ва жидер гIемерисеб бетIербахъи ччугIа кквей букIана. Гьеб шамат къоялъ ччугIаги гIемер бачIунаан гьезда бихьулеб бакIалда.

Дагьабго заманалдаса гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру хвезабуна ва шамат къоялъ ччугIа кквеялъе хIила ургъана: рузман къоялъго гьинал лъун, сетка лъун, кIудиял гвендал рухъун толаан, ччугIа жаниб ккезе. Шамат къо арабго рач1ун гьеб нахъе босулаан. Гьезда гьоркьор ругел дагьалго лъикIал муъминзабаз гьеб жо гьабуге, гьеб хIилла буго ва хIарамаб буго абидал, гьел гьезда гIенеккичIо. Гьединлъидал Аллагьас гьезул болъонал ва маймалакал гьаруна. Гьедин хIайваналлъун сверизарурал гIадамал чIаго хутIуларо ва гьезул наслуги бук1унаро.

فَجَعَلْنَٰهَا نَكَٰلًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهَا وَمَا خَلْفَهَا وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٦٦﴾

**66. Жал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда халиплъидал, гьаб росдал агьлоялда щвараб балагь бицинлъун бугеб къиса дица гьабуна, гьеб росдада сверухъ ругел г1адамазеги хIинкъилъун букIине ва гьел гIассилъичIого рукIине. Ва гьединго гьеб къиса Аллагьасдаса хIинкъулел гIадамазе вагIзалъун буго кинабго заманаялъ.**

«Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъулел» абураб ргIиялъул мурад буго гьел г1адамал рук1ин ваг1за босулел. Жидер имангигьечIел, Аллагьасдасанги جَلَّجَلَالُهُ хIикъуларел чагIазе кинабгIаги вагIзаялъ мунфагIат гьабуларо.

ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьалда хадуб цоги къиса бицана гьел бануисраилал жидеда гьабураб амруялда нахърилъунарел, аварагасда мутIигIлъуларел рукIин бицун ва гьелдалъун гьезие кколел захIмалъабиги рицун.

Ибну аби ХIатимица ГIубайдатидаса бицана: бануисраилазул цо чи вукIана жиндие лъимер лъугьуларев ва гIемер маг1ишатги бугев. Гьесул ирс жиндие щолев цох1о вацасул вас вукIана. Цинги гьев вацасул васас жиндирго имсол вац чIвана, гьесул маг1ишат щвезе бокьун ва гьесул жаназа цоги чагIазул рагьда лъун тана. Радал тIаде рахъиндал гьеб кIиябго къибилалъул гIадамал ярагъги тIад бан цоцалъ рагъизе хIадурана.

Гьезда гьоркьоса цо гIакълу бугев ва гIадамал жинда гIенеккулев чияс абуна: «нилъеда гьоркьов аварагги вукIадго кин нилъ цо-цазде рагъулел?»-абун. Гьел гIадамал Муса аврагасухъе عَلَيْهِٱلسَّلَامُ рачIун, гьесда жидер хабар бицана.

وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦٓ إِنَّ ٱللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَن تَذْبَحُوا۟ بَقَرَةً ۖ قَالُوٓا۟ أَتَتَّخِذُنَا هُزُوًا ۖ قَالَ أَعُوذُ بِٱللَّهِ أَنْ أَكُونَ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ﴿٦٧﴾

**67. Нужеца ракIалда щвезабе, я бунаисраилал, нужер умумузда Муса аварагас абураб гIуж, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужеда амру гьабулеб бугин нужеца г1ака хъвеян абун. Къавмалъ Мусада абуна: «дуца ниж махсародейищ гьарулел?»-абун.** ай нижеда гьоркьоб бидул тушманлъи буго, гьеб сабаблъун ниж цо-цаца чIвазе хIадурун руго, гьаб амру бицун духъе рачIараб мехалъ дуца абулеб буго «гIака хъве»- абун.

**Мусаца عَلَيْهِٱلسَّلَامُ абуна: дица Аллагьасдалъун ц1уни гьарулеб буго дун жагьилал, ахIмакъал гIадамаздаса вукIиналдаса**. Гьединал гIадамаца ккола цояз цоял махсароде. Дица нужеда хIакъаб жо абулеб буго»-абун.

قَالُوا۟ ٱدْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا هِىَ ۚ قَالَ إِنَّهُۥ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا فَارِضٌ وَلَا بِكْرٌ عَوَانٌۢ بَيْنَ ذَٰلِكَ ۖ فَٱفْعَلُوا۟ مَا تُؤْمَرُونَ ﴿٦٨﴾

**68. Цинги къавмалъ абуна: «Дуца дур Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ нижее гIоло гьаре нижее баян гьабеян кинаб гIака хъвезе бугеб». Мусаца абуна: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: гьеб буго гIемер къинлъараб херабги гьечIеб, жеги бугъикье инчIеб гьитIинабги гьечIеб, гьоркьохъел саназул гIака. Нужеда амру гьабураб жо**

**тIубазабе, тIад к1алъалел ва гьикъардулел рукIинчIого»-абун.**

**69. Хадубги къавмалъ абуна: «Дуца дур Аллагьасда ﷻ нижее гIоло гьаре нижеда гьеб гIакаялъул кьер баян гьабеян»-абун. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام абуна: ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «гьеб гIака буго тIогьилаб кьералъул, цIакъ гвангъараб, жинда балагьарал гIадамазул бер бахилаб»- абун.**

قَالُوا۟ ٱدْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا لَوْنُهَا ۚ قَالَ
إِنَّهُۥ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ صَفْرَآءُ فَاقِعٌ لَّوْنُهَا
تَسُرُّ ٱلنَّٰظِرِينَ ﴿٦٩﴾

**70. Бануисраилаз абуна: «Дуца дур Аллагьасда нижее гIоло гьаре: нижеда гьеб гIака цогиги сипатал рицун баян гьабеян, хIакълъунго нижеда гьеб гIака цогидазда гьоркьоса батIа бахъизе кIолеб гьечIо. Аллагьас хъван батани, цогиги сипатал нижее рицараб мехалъ, нижеда гьеб гIака батизе буго ва ниж гьелда тIаде ккезе руго»-абун.**

قَالُوا۟ ٱدْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا هِىَ إِنَّ ٱلْبَقَرَ
تَشَٰبَهَ عَلَيْنَا وَإِنَّآ إِن شَآءَ ٱللَّهُ لَمُهْتَدُونَ ﴿٧٠﴾

**71. Аллагьасул салам лъеяв Мусаца абуна: хIакълъунго Аллагьас абулеб буго: «Гьеб гIака буго жиб ракь бекьизе, яги гьеб лъалъазе лъим баччизе квегьич1еб. Киналго гIайибаздаса жиб бацIц1адаб буго ва жиндир тIогьилаб кьералда гьоркьоб цоги батIияб кьер жубачIебги буго»-абун. Цинги гьез бичун босун гьеб гIака хъуна. Гьеб хъвезе гьезул гьираги букIинчIо.**

قَالَ إِنَّهُۥ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا ذَلُولٌ تُثِيرُ ٱلْأَرْضَ
وَلَا تَسْقِى ٱلْحَرْثَ مُسَلَّمَةٌ لَّا شِيَةَ فِيهَا ۚ قَالُوا۟
ٱلْـَٔـٰنَ جِئْتَ بِٱلْحَقِّ ۚ فَذَبَحُوهَا وَمَا كَادُوا۟
يَفْعَلُونَ ﴿٧١﴾

ЦIакъго багьа цIикIун кьезе ккеялъ, ва дов чIварав чиясул амру халкъалда лъан жал къватIир ч1ваялдаги хIинкъун Гьал аятаз бицана жидеда гьабураб амру тIубазе бокьичIого кигIан гIемер суалал кьурал гьел ягьудияз, ва амруялъе мут1иг1лъун гут1и гьезул гIамал-хасият букIинги баян гьабуна.

Жидеда гьеб батана цоги г1ака гьеч1ев чиясул ва гьеб гIака бичизе гьевги разилъичIо, гьелъул тIом жаниб цIураб месед кьун гурони. Гьединги жидеца гIака босана ва гьеб хъуна.

**72. Нужеца цо чиги чIван, гьев жинца чIварав чи щивали абун нуж цо-цалъ къацандараб гIуж ракIалда щвезабе. ТIадегIанав Аллагь ﷻ жинца загьир гьабулев вуго нужеца жаниб бахчун букIараб**

وَإِذْ قَتَلْتُمْ نَفْسًا فَٱدَّٰرَٰٔتُمْ فِيهَا ۖ وَٱللَّهُ مُخْرِجٌ
مَّا كُنتُمْ تَكْتُمُونَ ﴿٧٢﴾

**амру.**

**73. Цинги дица гьел гІадамазда абуна: нужеца гьеб гІакаялъул цо къотІел (кесек) кьабе гьев чІван гІодов лъун вугев чиясда абун.**

فَقُلۡنَا ٱضۡرِبُوهُ بِبَعۡضِهَاۚ كَذَٰلِكَ يُحۡيِ ٱللَّهُ ٱلۡمَوۡتَىٰ وَيُرِيكُمۡ ءَايَٰتِهِۦ لَعَلَّكُمۡ تَعۡقِلُونَ ٧٣

Муса аварагас абухъин бануисраилаз гьев чиясда хъураб гІакаялъул цо къотІел кьабидалго, гьев чІаголъана ва гьесда гьикъидал мун лъица чІварав абун, гьес жиндир вацасул вас вихьизавуна, цинги жив хвана ва тІокІав чІаголъичІо.

Гьаб амру бицун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Гьале гьадин Аллагьас хварал чагІи чІаго гьарула** ахираталда хІисаб-мизан ва жазаъ гьабизе. **Ва нужеда Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир аятал рихьизарулел руго батІи-батІиял мугІжизатал рихьизариялдалъун, нужеда жо бичІизе ва нуж Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мутІигІлъизе г1оло.**

**74. Аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ритІун, мугІжизатал рихьизарун хадуги нужер ракІал ц1акъ къосана,** иманалдаса руссана, Аллагьасдаса хІинкъуларел лъугьана. **Гьел ракІал ганчІазда рельлъун руго жидер къвакІиялъул рахъалъ,** жидеда жаниб хІакъаб жо лъугьизе толарел ругелъул,

ثُمَّ قَسَتۡ قُلُوبُكُم مِّنۢ بَعۡدِ ذَٰلِكَ فَهِيَ كَٱلۡحِجَارَةِ أَوۡ أَشَدُّ قَسۡوَةٗۚ وَإِنَّ مِنَ ٱلۡحِجَارَةِ لَمَا يَتَفَجَّرُ مِنۡهُ ٱلۡأَنۡهَٰرُۚ وَإِنَّ مِنۡهَا لَمَا يَشَّقَّقُ فَيَخۡرُجُ مِنۡهُ ٱلۡمَآءُۚ وَإِنَّ مِنۡهَا لَمَا يَهۡبِطُ مِنۡ خَشۡيَةِ ٱللَّهِۗ وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعۡمَلُونَ ٧٤

**ганчІаздасаги къвакІарал руго гьел. ГанчІазул цо тайпа буго жидеда гъорлъан лъел иццал, гІорал раккулел. Цоги ганчІал руго Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хІинкъун жал рихъ-рихъун унел ва жидедаса лъим чвахулел. Цоги ганчІал руго Аллагьасдаса х1инкъун роргун, гирун унел:** ай ганчІал гІемерал руго Аллагьасдаса хІинкъулел ва гьесие тамахлъулел. Амма нужер ракІал ц1акъ къосарал руго, я гьал ягьудиял, ва Аллагьасда руссунел гьечІо. **ХІакълъунго ТІадегІанав Аллагь гьапулав гьечІо нужеца гьабулеб гІамалалдаса** ва нужее жазаъ гьабичІого хутІизе гьечІо.

Лъазе кколеб масъала буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб рух1 гьеч1еб жоялъулъ рух1 бугеб жоялъул сипат бижула. Гьелъие г1емер х1ужа буго Къуръаналда жаниб ва хирияв аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ х1адисазулъ. Гамач1 Аллагьасдаса х1инкъи, гъвет1-хералъ тасбих1 гьаби, гамач1алъ аварагасе салам кьей, гьес хьибил ч1ван хут1ба гьабулеб бук1араб х1уби зигарди, ва цогиги г1емерал мисалал руго гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудрат баян гьабулел. Нилъеца гьеб киналдаго

иман лъола ва гьелъул баян ц1ехон бах1с гьабуларо.

۞أَفَتَطْمَعُونَ أَن يُؤْمِنُوا لَكُمْ وَقَدْ كَانَ فَرِيقٌ
مِّنْهُمْ يَسْمَعُونَ كَلَامَ اللَّهِ ثُمَّ يُحَرِّفُونَهُ
مِن بَعْدِ مَا عَقَلُوهُ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٥﴾

75. Гьаб аят рештIизабуна ансаразул хIакъалъулъ, ягьудиязулгун къотIи букIарал ва рахьдал гIагарлъиги хурхун букIарал. Гьел ансаразе бокьун букIана дол ягьудазги иман лъезе, цинги жидер цебеххун букIараб гIагарлъи ва божилъи ц1и гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «**Нужер хьулищ лъолеб я гьал муъминзаби, ягьудиязда гьел нужер диналда божилин ва нужгун цадахъ рук1инин абун. ХIакълъунго гьезул цо къокъа, жидеда тIехь цIализе лъалел, гьеб тIехьалъ бицунеб жо рагIулел, цингиги жидеца гьеб хисизабулел руго. Гьеб Тавраталда жаниб бугеб жоялъул магIна бичIч1ун хадуб, жидедаги лъалеб бугеб хIалалъ жидеца гьабулеб иш мекъаб букIин.**

Гьез хисизабулеб, бахчулеб жоги Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул сипатал рукIана. Гьезда лъалеб бук1ана Мух1аммад ﷺ х1акъав авараг вук1ин, амма гьез загьиралда гьесда иман лъолеб бук1инч1о. Цоги гIалимас абуна: гьез хIалалаб жо хIарам гьабун, хIарамаб хIалал гьабун хисизаруна Тавраталда ругел х1укмаби абун.

وَإِذَا لَقُوا الَّذِينَ آمَنُوا قَالُوا آمَنَّا وَإِذَا
خَلَا بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ قَالُوا أَتُحَدِّثُونَهُم
بِمَا فَتَحَ اللَّهُ عَلَيْكُمْ لِيُحَاجُّوكُم بِهِ عِندَ
رَبِّكُمْ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٧٦﴾

**76. Ва жидеда муъминзаби данд чIвараб мехалъ гьел ягьудияз абула нижецаги иман лъунин нужеца иман лъураб жоялдаян абун.**
**Цинги гьел жалго цо-цалъе руссараб мехалъ, гьез абула: нужеца гьел аварагасул асхIабзабазда бицулебищ бугеб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда рештIараб Тавраталъул хабар, гьез нужедаго дагIба базе Аллагьасда цере щвараб мехалъ. Нужеца гьабулеб жоялъул магIна бичIулищ нужеда-абун.**

Ягьудиязе бокьун букIинчIо жидер Тавраталда хъвараб ахир заманалъул аварагасул хабар гIадамазда лъазе, гьеб хабар лъани гIадамал МухIаммад ﷺ аварагасда нахъ рилъиналда хIинкъун.

أَوَلَا يَعْلَمُونَ أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ
وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٧٧﴾

77. Гьел ягьудиязда бадиб чIвай гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **гьезда лъаларищ (гьезда кин лъалареб) хIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда гьез**

**балъго гьабурабги, загьиралда гьабурабги жо лъалеб букIин.**

Ягьудиязул цо къокъа букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад хIакъав авараг вукIин лъалел, амма жидеца гьеб бахчарал ва загьиралда аварагасда инкар кколел, хIал хъублъи гьабун, чIухIун. Цоги къокъа букIана жидер рекIелъ иман гьечIел, амма Мадинаялде рачIараб мехалъ аварагасдаги асхIабзабаздаги нижги иман лъурал ругоян абулел.

**78. Гьел ягьудиязул цо къокъа буго жидеда хъвай цIали лъаларел, Тавраталда бугеб жоги лъаларел, амма жидеца лъалареб жо бицунел, гьереси бицун гьеб тIехьалда бугилан абулел.**

وَمِنْهُمْ أُمِّيُّونَ لَا يَعْلَمُونَ ٱلْكِتَٰبَ
إِلَّآ أَمَانِيَّ وَإِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ٧٨

Гьеб къокъа буго жидеца гьереси бицун батIулаб жоялда халкъ ахIулеб ва гьелдалъун гIадамазул боц1иги кваналел.

**79. Квешаб гIазаб букIина гьел гIадамазе, жидерго кверацa цо жо хъвалел, цинги гьеб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рештIараб тIехь бугинги абулел, гьелдалъун дунялалъул дагьабго боцIи бичун босизе. Гьезие квешаб гIазаб букIина гьеб тIехь хъван Аллагьасул тIехь бугин гьереси бициналъул. Ва квешаб гIазаб букIина гьезие, гьересиял харбазухъ бичун босараб хъубаб, хIарамаб боц1и кванаялдалъунги.**

فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ يَكْتُبُونَ ٱلْكِتَٰبَ بِأَيْدِيهِمْ
ثُمَّ يَقُولُونَ هَٰذَا مِنْ عِندِ ٱللَّهِ لِيَشْتَرُوا۟
بِهِۦ ثَمَنًا قَلِيلًا ۖ فَوَيْلٌ لَّهُم مِّمَّا كَتَبَتْ
أَيْدِيهِمْ وَوَيْلٌ لَّهُم مِّمَّا يَكْسِبُونَ ٧٩

МагIна хисизаби ва рагIаби хисизари Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рештIарал тIахьазе ккараб жо буго: гьеб хисизабиги ягьудиязул ва насраниязул гIалимаз гьабуна, халкъалдаса хIакъаб жо бахчун, гьел жидеда нахърилъун хутIизе бокьун. Амма хирияб Къуръаналъе щибго хиси ккеч1о, ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб ц1унизе тIаде босун бугелъул. Къуръаналъе мекъаб таъвил гьаби (рагIиялъул аслияб загьираб, магIна тун, гьелъул бакIалда букIине бегьулеб магIна бициялда абула таъвил гьаби абун) ккана жагьилал гIадамаздаса ва Къуръаналда инкар кколел гIадамаздасаги. Гьадинаб мекъаб таъвилги дагьабниги лъайи бугел гIадамазда бичIчIуна ва гьелъул зарал хехго нахъчIвала.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса хIадис бицана:

*«Я гьаб исламияб жамагIат! Нужеца китабиял руго абун гьел ягьудиязда щибниги жо кин гьикъулеб, ТIадегIанав Аллагьас жиндир хирияв аварагасда рештIараб Къуръан нужеца жиб цIалулеб, жиб ч1агояб, гIолохъанаб, херлъичIеб, бицун ахираб хабарги букIадго. Гьеб*

*Къуръаналда жаниб Аллагьас ﷻ нужеда бицунеб буго гьел ягьудияз ва насранияз жидеда рештIараб тIехь хисизаби ва сверизаби. Гьез жудерго квераз тIахьал хъвалел руго, цинги абулеб буго: гьаб Аллагьасул тIехь бугин абун, гьелъухъ дунялалъул боцIи бичун босизе. Нужехъе бачIараб гIелмуялъ (Къуръаналъ) нуж нахъчIвалел гьечIищ гьезда жо гьикъиялдаса? Валлагьи, нилъеда цониги китабияв вихьуларо гурищ нужеда щиб хIукму рештIараб абун гьикъулев?»-абун.* ХIадис имам Бухарияс бицана.

**80.** Мужагьидица ИбнугIаббасидаса رضي الله عنه бицана: «Ягьудияз абулеб букIана: гьаб дунял анкъазарго соналъ букIине буго. нижее гIазабги щибаб азарго сон рикIкIун цо къоялъ гьабизе буго. гьеб анкьго къо буго нижеца жужухIалда балеб заман абун. ТIадегIанав Аллагьас аят рештIизабуна:

وَقَالُوا۟ لَن تَمَسَّنَا ٱلنَّارُ إِلَّآ أَيَّامًا
مَّعْدُودَةً ۚ قُلْ أَتَّخَذْتُمْ عِندَ ٱللَّهِ عَهْدًا
فَلَن يُخْلِفَ ٱللَّهُ عَهْدَهُۥٓ ۖ أَمْ تَقُولُونَ
عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٨٠﴾

**Гьел ягьудияз абуна жидеда гIазаб ва жужахIалъул цIа хъвазе гьечIин жал рикIкIарал, дагьалго къояз гурони абун.** Анкьго къо буго гьеб, яги гьез бачие лагълъи гьабурал къоял руго.

**Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нужеца Аллагьасулгун гьединаб къотIийищ гьабун бугеб? Аллагь ﷻ кидаго жиндир къотIиялъе хилиплъи гьечIев вуго. Яги нужеца Аллагьасда гIунтIизабун гьереси бицун, нужедаго лъалареб жойищ абулеб бугеб?»- абун.**

**81.** Гьез бицунеб жо гьереси ва бугьтан букIин загьир гьабун ТIадегIанав Аллагьас абуна:

بَلَىٰ مَن كَسَبَ سَيِّئَةً وَأَحَٰطَتْ بِهِۦ
خَطِيٓـَٔتُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ
فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٨١﴾

**Гьеб гьедин гьечIо, гьезда жужахIалъул гIазаб хъвазе буго ва гьел даимго жужахIалда хутIизеги руго,-капурзаби ва квешал, кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал хутIулеб хIалалъ. Жидер мунагьазул сангар сверун лъугьун, хвасарлъиялъе нухги гьечIого хутIула гьел гIадамал. Гьал чагIи руго жужахIалъул агьло ва гьал руго даимго гьенир жанир рукIунелги.**

Мунагьал хIакъир гьари, гьел гьитIиналлъун рихьи жинца инсан гьалаг гьавулеб иш буго. ГьитIинал мунагьазда тIад чIчIей гьаби кIудияб мунагь буго. Масала, тамахьо бухIи, руччабазда балагьи, гIадада заман инзаби; торгIоялъухъ балагьун я гьеб хIан, тIадал жалаздасанги машгъуллъун ва гьалда релъун цогидаб жоялдалъунги. гьитIинаб мунагь бугин абун гьелда инсан ругьунлъи квешаб иш буго.

Хирияв аварагасул ﷺ х1адис буго: *«Нужеца мунагь гьит1инаблъун, х1акъираблъун гьабуге, гьел мунагьал данделъун гьез инсан гьалаг гьавула»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса имам Бухарияс رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ хIадис бицана: *«Хайбар хъала бахъараб мехалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе загьро жубараб чахъдал гьан бачIана. Аварагас* ﷺ *абуна гьаб бакIалда ругел ягьудиял ракIаре дида аскIорег1ан абун. Гьел ракIарун рачIидал, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезда абуна: нужер эмен щив?- абун. Ягьудияз абуна пуланав чи вуго абун. Аварагас* ﷺ *абуна: «нужеца гьереси бицана, нужер эмен пуланав чи вуго»- абун. Ягьудияз абуна: «дуца битIарб бицана ва лъикIаб жо гьабуна»- абун.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «дица цо жоялдаса гьикъила, нужеца дида битIараб бицилищ?»-абун. Ягьудияз абуна: «битIараб бицина я Абалкъасим! Нижеца гьереси бицани дуда гьеб лъазе бугелъул, нижер инсул цIаралъулъ бицараб гьереси лъараб гIадин»-абун. Аварагас* ﷺ *абуна: «щал ругел жужахIалъул агьлу?»- абун. Ягьудияз абуна: дагьабго мехалъ ниж рукIине руго гьенир, цинги нижер бакIалда нуж рачIине руго»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: нахъе къай! (гIодорегIан гьарун абулеб рагIи) Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *цIаралдалъун гьедула дун, нижеца нуж кидаго хисуларо жужухIалдаян абун (ай ниж гьенир рукIунаро).*

*Цинги Бичасул аварагас* ﷺ *абуна: Цо жо дица гьикъани нужеца битIараб бицинищ дида?-абун. Доз абуна: «бицина, я Абалкъасим» абун. Расулуллагьас абуна: нужеца гьаб чахъдал гьаналда загьро жубанищ?-абун. Доз абуна: жубана абун. Аварагас* ﷺ *абуна: щиб жоялъ нуж рачарал гьеб иш гьабиялда абун. Ягьудияз абуна: «нижее бокьун букIана мун гьересияв ватани мунги хун ниж дудасан парахатлъизе. Мун ритIухъав ватани дуе заралги кколаро»*- абун.

**82. Хирияб Къуръаналда иман лъурал, МухIаммад ﷺ аварагги ритIухъ гьарурал, хадуб шаргIалда рекъон лъикIаб гIамал гьабунги хьвадарал гIадамал,- гьал руго алжаналъул бетIергьаби ва жал даимго гьеб алжаналда жанир рукIинеги руго.** Разакъаналлагьу. амин.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ ۖ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٨٢﴾

**83.** ТIадегIанав Аллагьас жегиги гьел ягьудиязул мунагьал ва гIасилъаби рицунел руго, ва гьезда

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ لَا تَعْبُدُونَ إِلَّا ٱللَّهَ وَبِٱلْوَٰلِدَيْنِ إِحْسَانًا

وَذِى ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ
وَقُولُوا۟ لِلنَّاسِ حُسْنًا وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ
وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا
مِّنكُمْ وَأَنتُم مُّعْرِضُونَ ﴿٨٣﴾

хитIаб гьабун абулеб буго: **Нужеца жегиги ракIалда щвезабе дица нужер умумул ягьудияздаса мух1канаб къотIи босараб гIуж: ЦохIо Аллагьасе ﷻ гурони лагълъи гьабугеян, эбел-инсуе лъикIлъи ва гурхIел-рахIмуги гьабеян, гIагарал гIадамазда, мискин- пакъиразда, бесдал лъималаздаги гурхIел гьабеян абун. ГIадамазда лъикIаб хабарги бице абун:** хIеренаб тамахаб рагIи бице ва гурхIелалдалъун балагье абун. **Ва нужеца какги бай рукугI-сужда камил гьабун, паризаяб закатги кье абун.**

**Гьаб къотIи босун хадуги нуж гьеб хвезабун, гьелдаса руссана, цIакъго дагьал гIадамал хутIизегIан. Ва нужеца гьеб къотIуда рекъон гIамал гьабиги тана хIакъаб диналдаса руссун, купру-ширкалда ун.**

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَكُمْ لَا تَسْفِكُونَ دِمَآءَكُمْ
وَلَا تُخْرِجُونَ أَنفُسَكُم مِّن دِيَٰرِكُمْ ثُمَّ
أَقْرَرْتُمْ وَأَنتُمْ تَشْهَدُونَ ﴿٨٤﴾

**84. Цингиги дица нужер умумуздаса къотIи босана, нужерго биял гIодор тIоге абун, нужер шагьараздаса нужго къватIирги рахъизаруге абун: цояз цоял къватIир къотIун, гьезул ракь жидеца бахъун. Цинги нуж гьаб къотIиялдаги рекъана ва гьеб лъикIаб букIиналда, тIубазабизе кколеб букIиналда нужеца нугIлъиги гьабуна.**

ثُمَّ أَنتُمْ هَٰٓؤُلَآءِ تَقْتُلُونَ أَنفُسَكُمْ
وَتُخْرِجُونَ فَرِيقًا مِّنكُم مِّن دِيَٰرِهِمْ
تَظَٰهَرُونَ عَلَيْهِم بِٱلْإِثْمِ وَٱلْعُدْوَٰنِ وَإِن
يَأْتُوكُمْ أُسَٰرَىٰ تُفَٰدُوهُمْ وَهُوَ مُحَرَّمٌ
عَلَيْكُمْ إِخْرَاجُهُمْ أَفَتُؤْمِنُونَ بِبَعْضِ
ٱلْكِتَٰبِ وَتَكْفُرُونَ بِبَعْضٍ فَمَا جَزَآءُ مَن
يَفْعَلُ ذَٰلِكَ مِنكُمْ إِلَّا خِزْىٌ فِى ٱلْحَيَوٰةِ
ٱلدُّنْيَا وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ يُرَدُّونَ إِلَىٰٓ أَشَدِّ
ٱلْعَذَابِ وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٨٥﴾

**85. Гьаб къотIи босун хадуги, я ягьудиязул жамагIат, нужеца цояз цоял чIвалел руго, цояз цоял гьезул ракьалдаса къватIирги гъолел руго, цояз цоязе гIасилъаби ва зулмаби гьаризе кумекги гьабулеб буго. Нужер цоял асирлъиялда ккараб мехалъ, боц1и кьун гьелги хвасар гьарулел руго.** Гьаб буго гьез Тавраталдаса т1убазабураб къот1и. **Тавраталда жаниб хIарам гьабураб рагъ гьабун, нужеца ягьудиял чIвалел руго ва гьел жидер ракьалдаса къватIир къотIулел руго. Нужеца Таврталъул цо бутIаялда иман лъун, цогидаб бутIа иман лъечIого инкар ккуниш толеб?**

ай гьадинаб иш гьабизе бегьилищ: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тIехьалъул цо хIукмоялда инкар кквей кинабго тIехьалда инкар кквей букIуна. Нуж цохIого заманалъ куфруги иман лъейги данде гьабулел руго. **Гьадинаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб жазаъ щибха букIунеб дунялалъул рукъор гьел гIодорегIанал, инжитал лъугьин гуреб.**

**Цинги ахираталдаги гьел цIакъ гучаб гIазабалда руссизарула. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нужеца гьабулеб пиша жинда лъалев вуго, гьелдасан гъапулав гьечIо.** Аллагьасда нужер кинабго гIамал лъала ва гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ нужее букIине буго.

**86. Гьал гIадамал руго жидеца абадияб ахираталъул рукъги бичун (ай алжан бичун) дагьабго заманалъул дунялалъул чIаголъи босарал. Гьаздаса ахираталда гIазаб бигьа гьабуларо ва гьезие щибго** أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ ٱشۡتَرَوُاْ ٱلۡحَيَوٰةَ ٱلدُّنۡيَا بِٱلۡأٓخِرَةِۖ فَلَا يُخَفَّفُ عَنۡهُمُ ٱلۡعَذَابُ وَلَا هُمۡ يُنصَرُونَ ٨٦ **квербакъиги щоларо.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса гьел хвасар гьарулев ва гьезие квербакъизе кIолев чиги вукIуларо.

Гьал цере арал аятал: (84-86) рештIизаруна Мадинаялъул ягьудиязул хIакъалъулъ. Мадинаялда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIинелда цебе г1арабиязул «Авс» ва «Хазраж» абун кIиго къокъа букIана, жидеца хъанчие лагълъи гьабулел. Гьел рукIана жидеда Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ лъаларел, динги лъаларел, алжан-жужахIги хIалалаб-хIарамабги лъаларел г1адамал. Гьезда гьоркьор кидаго рагъалги рукIунаан.

«Авс» абулеб къокъаялъулгун къотIи гьабурал рукIана бану Къурайзатал абулел ягьудиял. «Хазраж» абулеб къокъаялъе къотIи гьабурал рукIана банукъайнукъагI ва бануназир абулел ягьудиял. Жидеца гьабураб къотIиялда рекъон, «Авс» ва «Хазраж» цоцалъ рагъизе лъугьараб мехалъ, гьел ягьудиялги долгун цадахъ лъугьун цоцаде рагъизе кколаан. Цинги гьез жидер диналда жаниб хIарам гьабураб цояз цоял чIвай, цояз цоязул боц1и-мал, ракь бахъи гьабулеб букIана.

Гьаб гIамал бицун, гьезда гIайиб чIван, ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кантIизарулел руго ягьудиял щибго жидер диналъул кIвар гьечIел, ва гьез гьабулеб г1амалалъе ахираталда букIунеб хIукмуялъул ургъел гьечIел чагIи рукIиналда.

МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ авараг Мадиналда вачIиналда цере дол хъанчие лагълъи гьабулел рукIарал «Авс» ва «Хазражал» иманлъун, аварагасе квербакъизе къотIи гьабун Ансараллъун лъугьана. Ягьудиязул гIемерисел мунапикъзаби рукIана ва ахирги гьел Мадиналдаса

къватIире гъуна.

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا مُوسَى ٱلۡكِتَٰبَ وَقَفَّيۡنَا
مِنۢ بَعۡدِهِۦ بِٱلرُّسُلِۖ وَءَاتَيۡنَا عِيسَى ٱبۡنَ
مَرۡيَمَ ٱلۡبَيِّنَٰتِ وَأَيَّدۡنَٰهُ بِرُوحِ ٱلۡقُدُسِۗ أَفَكُلَّمَا
جَآءَكُمۡ رَسُولُۢ بِمَا لَا تَهۡوَىٰٓ أَنفُسُكُمُ
ٱسۡتَكۡبَرۡتُمۡ فَفَرِيقٗا كَذَّبۡتُمۡ وَفَرِيقٗا تَقۡتُلُونَ ٨٧

**87. ХIакълъунго дица Муса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасухъе Таврат кьуна ва гъесда хадурги бануисраилазда гIемер аварагзаби ритIана. Цинги дица Г1иса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасухъеги баянал хIужаби ва къавм мукIур гьабулеб мугIжизат кьуна ва гьесие квербакъизе Жабраил малаикги гьавуна.**

Жинда Аллагьасул салам лъеяв ГIиса бануисраилазда ритIарал аварагзабазул ахирав вукIана. Гьесухъе кьураб инжилалада цо-цо хIукмаби Таврагалда данде кколел рукIана, цо-цо данде ккоударелги рукIана. Гьелъие гIоло ягьудияз Г1иса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда цIакъго цIик1кIараб тушманлъи гьабуна. Гьедин букIиналъ ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Нужехъе щивав авараг вачIараб мехалъ, нужер напсазе бокьулареб жо бицун, нуж гьезда иман лъезе чухIулелищ ругел? Аваргзабазул цоял гьереси гьарулел руго, цоязда рагъ балеб буго-** абун.

وَقَالُواْ قُلُوبُنَا غُلۡفُۢۚ بَل لَّعَنَهُمُ ٱللَّهُ
بِكُفۡرِهِمۡ فَقَلِيلٗا مَّا يُؤۡمِنُونَ ٨٨

**88.** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аврагас иман лъеялда ахIараб мехалъ, **ягьудияз абулеб буго: нижер ракIазда тIад кIул бан буго ва тIалъел лъун буго** ва дуца бицунеб жо нижеда бичIч1унеб гьечIо, я МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абун. Гьезул рагIи нахъчIван Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **гьел ягьудияз Къуръаналдаги МухIаммадидаги инкар кквеялъе гIоло, Аллагьас гьел жиндир рахIматалдаса рикIад гьарурал руго, цIакъ дагьал чагIи гурони гьездасан иман лъолелги гьечIо- абун.**

وَلَمَّا جَآءَهُمۡ كِتَٰبٞ مِّنۡ عِندِ ٱللَّهِ مُصَدِّقٞ
لِّمَا مَعَهُمۡ وَكَانُواْ مِن قَبۡلُ يَسۡتَفۡتِحُونَ
عَلَى ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فَلَمَّا جَآءَهُم مَّا عَرَفُواْ
كَفَرُواْ بِهِۦۚ فَلَعۡنَةُ ٱللَّهِ عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ ٨٩

**89. Гьезухъе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан Къуръан бачIараб мехалъ, гьезул тавравтги ритIухъ гьабулеб; МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **авараг вачIиналда цере гьел рукIана капурзабазда рагъизе караб мехалъ гьесул цIаралдалъун квербакъи тIалаб гьабулел; Цинги МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **вачIараб мехалъ, гьев авараг вукIин жидеда мухIканго лъалев, гьез гьесда инкар ккуна. Аллагьасул лагIнат** (рахIматалдасан рикIад гьари) **буго**

**жидеца МухIаммадида ﷺ инкар ккурал ягьудиязда.**
Тушманасда тIад бергьенлъи босизе къваригIараб мехалъ ягьудияз абулеб букIана: «Я Аллагь ﷻ! Дуца нижее квербакъе ахир заманалъ витIизе вугев аварагасул хIурматалдалъун, жиндир сипат нижер Тавраталда бицарав»- абун. Цинги гьез Мух1аммад ﷺ аварагасда инкар ккуна, гьев г1арабияв вук1иналъ, ягьудиязул гурони авараг вук1улароян абун.

بِئْسَمَا اشْتَرَوْا بِهِ أَنفُسَهُمْ أَن يَكْفُرُوا
بِمَا أَنزَلَ اللَّهُ بَغْيًا أَن يُنَزِّلَ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ
عَلَىٰ مَن يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ فَبَاءُوا بِغَضَبٍ
عَلَىٰ غَضَبٍ وَلِلْكَافِرِينَ عَذَابٌ مُّهِينٌ ﴿٩٠﴾

**90. Ц1акъ квешаб жо буго гьез жидер напсалги ричун босараб.** Щиб гьеб абуни: **ТIадегIанва Аллагьас рештIизабураб Къуръаналда жидеца инкар квей. Гьеб инкар кквейги жидер къосиналъ ва квешлъиялъ буго. Жидер хIал хъублъи ккун (хIасад ккун) ТIадегIанав Аллагьас жиндир цIоб-рахIматалдалъун жиндие вокьарав Мух1аммадида ﷺ вахIю битIиялда ва тIехь рештIиналда.**
**Гьединаб хIалихьатаб гIамалалъе гIоло жал Аллагьасул ццим бахъараллъун тIад руссуна, цебеккунги жудеда Аллагьасул ццим бахъи букIингун цадахъ. Гьал ва цогидал капурзабазе жал гIодорегIан гьарулеб, хIакъир гьарулеб гIазаб букIине буго.**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ آمِنُوا بِمَا أَنزَلَ اللَّهُ قَالُوا
نُؤْمِنُ بِمَا أُنزِلَ عَلَيْنَا وَيَكْفُرُونَ بِمَا
وَرَاءَهُ وَهُوَ الْحَقُّ مُصَدِّقًا لِّمَا مَعَهُمْ قُلْ
فَلِمَ تَقْتُلُونَ أَنبِيَاءَ اللَّهِ مِن قَبْلُ إِن
كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٩١﴾

**91. МухIаммад ﷺ аврагасда рештIараб Къуръаналда иман лъе ва гьеб ритIухъ гьабун нуж гьелда нахърилъаян абураб мехалъ, гьел ягьудияз абулеб буго: нижеда рештIараб Тавраталда иман лъолеб буго нижецаян. Цогидаб кинабгo жоялда гьез инкар кколеб буго, гьеб Къуръан хIакъаб Аллагьасул ﷻ калам букIингун цадахъ, гьезухъ бугеб Тавраталда рельлъараб ва гьебги ритIухъ гьабулеб. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нуж Тавраталда иман лъурал ратани, щайха нужеца нужеда ритIарал гIемерал аварагзаби чIварал»**-абун.
Гьел бануисраилаз гьереси бицунеб букIин ва гьел Тавраталда иман лъуралги гьечIеблъи баян гьабун абуна ТIадегIанав Аллагьас ﷻ: «Нужеца аварагзаби щайха чIварал» абун.
Жегиги тIадвуссун БетIергьан Аллагьас МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъурал муъминзабазда ягьудиязул хиянатлъи, къотIи хвезаби, ва цогидалги купру-ширкалъул пишабазул бицунеб буго, гьезул тIабигIат-

г1амал лъазе ва гьездаса ц1унизе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

۞ وَلَقَدْ جَآءَكُم مُّوسَىٰ بِٱلْبَيِّنَٰتِ ثُمَّ
ٱتَّخَذْتُمُ ٱلْعِجْلَ مِنۢ بَعْدِهِۦ وَأَنتُمْ
ظَٰلِمُونَ ﴿٩٢﴾

**92. ХIакълъунго нужехъе Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **аварааг вачIана гурищ, баянал хIужабаздалъун:** Тавраталдалъун ва ичIго батIияб мугIжизаталдалъунги. **Гьедин бугониги нужеца бачие лагълъи гьабуна Муса авараг ТIурусайнаалда аравго ва нужги нужеего зулмо гьабураллъун рукIана: нужер нафсал жужахIалда ккеялъе хIакъгьаруна нужеца.**

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَكُمْ وَرَفَعْنَا
فَوْقَكُمُ ٱلطُّورَ خُذُوا۟ مَآ ءَاتَيْنَٰكُم
بِقُوَّةٍ وَٱسْمَعُوا۟ قَالُوا۟ سَمِعْنَا وَعَصَيْنَا
وَأُشْرِبُوا۟ فِى قُلُوبِهِمُ ٱلْعِجْلَ
بِكُفْرِهِمْ قُلْ بِئْسَمَا يَأْمُرُكُم بِهِۦٓ
إِيمَٰنُكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٩٣﴾

**93. Нужеца тIадруссун ракIалда щвезабе, я гьал бануисраилал, нужер умумуздаса щулияб къотIи босараб гIуж ва гьезие Тавраталда иман лъезе бокьич1елъул гьезда тIаде ТIур мегIер борхун, гьел гьалаглъиялда гIагарлъун рукIараб заман. Гьезда абураб: гьаб нужехъе бачIараб Товрат нужеца цIакъ щулаго ккве ва нуж Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **аваргасдаги мутIигIлъе абун.**

**Гьез абуна ниж духъ гIенеккана, дур рагIи нижеда рагIана ва амма ниж дур амруялда гIасилъанаян-абун. Гьезул ракIазулъ доб жидеца лагълъи гьабураб бече бокьи лъугьун, гьелъ гьезул ракIал ц1езарун рукIана, жидеца Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьесул аварагзабаздаги** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **инкар кколел рукIиналъ.**

Ай гьезул ракIазулъ иманалъул нур букIинчIо, гьединлъидал гьез бачие лагълъи гьабуна ва гьеб бече гьезул рекIелъе лъугьана. **Дуца гьезда абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: ц1акъ квешаб жо малъулеб буго нужер иманалъ,** (бачие лагълъи гьаби ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар квей), **нуж иман лъурал ратаниян-абун.** Ай, гьечIо нуж иман лъурал.

قُلْ إِن كَانَتْ لَكُمُ ٱلدَّارُ ٱلْءَاخِرَةُ عِندَ ٱللَّهِ
خَالِصَةً مِّن دُونِ ٱلنَّاسِ فَتَمَنَّوُا۟
ٱلْمَوْتَ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٩٤﴾

**94. Дуца гьезда абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «нужеца абухъин ахираталда алжан цохIого нужее батани, цоги щивго чиги гьенив лъугьунарев вукIун, нужер хвалида хьул лъеха, гьеб рагIиялъулъ нуж ритIухъал ратани»-** абун. Ай хехго алжаналда лъугьизе хвел бокьизе ккелаха нужее.

وَلَن يَتَمَنَّوْهُ أَبَدًۢا بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٩٥﴾

**95. Абадиялъго гьел ягьудиязул хвалида хьул лъоларо, гьез дунялалда гьарурал гIемерал пасалъабазе гIоло. ТIадегIанав**

**Аллагь жинда лъалев вуго зулмучагІазул ва капуразул хІал.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мугІжизаталдаса букІана гьаб кІиго аятги. Хирияв аварагас ﷺ гьел ягьудиял ахІана хвалида хьул лъеялда ва абадиялъго гьезул хвалида хьул лъоларебги бицана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аваргасда лъазабуна ягьудиязул хвалда хьул лъолареблъи, ва гьесда кІвана щибго хІинкъичІого гьаб ахІи гьабизе.

Гьедин цо жоялда ахІиялда «мубагьала» абула. ГьелъулмагІна букІуна нижеца бицунеб жоялъуль ниж мекъал ратани ниж хваги абун дуг1а гьаби. Аварагасда ﷺ данде рахъун «мубагьала» гьабизе ягьудиял хІинкъана, гьел гьересиял рукІиналъ ва гьедин рахъани жидер кинабго наслу- тухум холеблъиги лъан.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Нажраналъул насраниялги ахІана мубагьала гьабизе, гьел ислам босизе мукІурлъичІого, жизят кьезеги мутІигІлъичІого чІараб мехелъ. Цинги гьел мубагьала гьабизе хІинкъана ва гьез цо-цазде абуна: Валлагьи, гьав аварагасда ﷺ данде рахъун нилъеца мубагьала гьабуни, нилъер цохІо бер къапулев чи нахъ хутІиларо абун. Цинги гьел жизят кьезе мутІигІлъана.

Жизят буго китабияллъун ругел г1адамаз исламияб дин босич1ого нижеца жизят кьела абуни, гьезда т1ад лъолеб бук1араб магъало. Гьеб магъало кьун гьел жидерго диналда толаан, бусурбабазе щибго зарал гьабич1ого бук1изе, гьезие квербакъи гьабизе къот1иги гьабун.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб диналда г1адамал ах1улеб мехалъ, лъабго шарт1 бук1ула, гьел китабиял ругони: исламияб дин боси, яги магъало кьун жидерго диналда тей, гьаб к1иябго гьез къабул гьабич1они гьезда рагъ лъазаби. Мушрикал ругони гьезие к1иго шарт1 бук1ула: исламияб дин боси яги гьезда рагъ лъазаби.

Хадубги гьел ягьудиязул хІал баян гьабун ва гьел ахираталъул кІвар бугел, гьелдаса хІинкъулел гІадамал гьечІеблъи бицун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго.

وَلَتَجِدَنَّهُمْ أَحْرَصَ ٱلنَّاسِ عَلَىٰ حَيَوٰةٍ وَمِنَ
ٱلَّذِينَ أَشْرَكُوا۟ يَوَدُّ أَحَدُهُمْ لَوْ يُعَمَّرُ أَلْفَ
سَنَةٍ وَمَا هُوَ بِمُزَحْزِحِهِۦ مِنَ ٱلْعَذَابِ
أَن يُعَمَّرَ ۗ وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِمَا يَعْمَلُونَ ﴿٩٦﴾

**96. Дуда гьел ягьудиял ратизе руго МухІаммад ﷺ, бищун дунял бокьулел, гьелда хьул халаталлъун, хІатта мушриказдасаги дунялалда халат хутІизе бокьарал руго гьел ягьудиял.**

Щай абуни гьезда лъала ахираталда жидее абадияб жужахІ букІин, жидеца дуняллада гьарурал гІемерал пасалъабазда данде: гьезухье аварагзаби рачІигун цадахъ ва гьезда тІахьалги рештІингун цадахъ. Гьел руго хІакъаб жо лъан хадуб гьелда инкар гьабун чІарал. Гьаб дунял гьезие алжан буго,

ахириталда букIинесеб гIазабалда дандеккун ва гьанир ч1аго рукIин гьезул мурад буго. Мушриказеги бокьула дунялалъул ч1аголъи, гьанир халатго рукIинги, ва амма гьел ахираталда тIубанго божун гьечIелъул, гьезие доба букIинесеб жоялъул кIудияб къварилъи букIуларо.

Цоги Аллагьас абулеб буго: **Гьезул щивасе бокьула ва хьул лъола гьаб дуняладла азарго сон базе анищан абун. Гьеб азарго сон баниги гьев чи ахираталъул гIазабалдаса ворчIизе гьечIо. ХIакълъунго Аллагь ﷻ гьез гьабулеб кинабго г1амал лъалев ва бихьулев вуго.** Загьиралда гьабулебги бихьула Аллагьасе, гьезул рекIелъ ругел квешал пикрабиги, халатал анишалги рихьула.

**97. Дуца ягьудиязда абе МухIаммад ﷺ, нужер щив вугониги Жабраил малаикасда тушманлъи гьабулев чи, гьев Аллагьасда тушманлъи гьабулев вуго. ХIакълъунго Жабраилас гьаб Къуръан дур ракIалда рештIизабуна Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун, гьалда церехун ругел зодисан рештIарал тIахьалги жинца ритIухъ гьарулеблъун.** Гьезда гьоркьоб нужеда рештIараб Тавратги буго, хадуб Инжилги буго. **Гьеб Къуръан жинца хIакъаб исламияб нухалда тIоритIулеб буго ва муъминзабазе рохеллъунги буго:** гьелъ алжаналдалъун рохел бицунеб бугелъул.

قُلۡ مَن كَانَ عَدُوّٗا لِّجِبۡرِيلَ فَإِنَّهُۥ نَزَّلَهُۥ عَلَىٰ قَلۡبِكَ بِإِذۡنِ ٱللَّهِ مُصَدِّقٗا لِّمَا بَيۡنَ يَدَيۡهِ وَهُدٗى وَبُشۡرَىٰ لِلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٩٧﴾

Аллагьасул ﷻ аварагзабаздаса цоясде иман лъунгут1и т1олго аварагзабазда иман лъунгут1и бук1улебг1адин, малаикзабазул цояв квешав гьави гьел киналго квешал гьари бук1ула. Ягьудияз Жабраил малаикасда г1айиб ч1вадалго, т1адег1анав Аллагьас ﷻ абулеб буго:

**98. Щив чи вугониги Аллагьасдаги ﷻ гьесул малаикзабаздаги, аврагзабаздаги, Жабраил ва Микаил малаикасдаги тушманлъи гьабун, хIакълъунго ТIадегIанав Аллагь гьел капурзабазе тушман вуго** ва жинца гьезие жазаъ гьабулев вуго.

مَن كَانَ عَدُوّٗا لِّلَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَرُسُلِهِۦ وَجِبۡرِيلَ وَمِيكَىٰلَ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَدُوّٞ لِّلۡكَٰفِرِينَ ﴿٩٨﴾

Гьаб кIибго аят (97-98) рештIизабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица хIадис бицана:

*«Авараг ﷺ Мадиналда вачIараб мехалъ гьесухъе ягьудиязул цо къокъа бачIана ва гьез абуна: я Абалкъасим! Нижеца дуда щуго жо гьикъизе буго, гьезие битIун жаваб кьуни нижеда лъазе буго мун аварраг вукIин ва ниж дуда нахърилълъизе ругин абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьездаса къотIи босана гьез рагIи кквезе*

*ва тIубазе. Цинги абуна: «гьикъе»- абун.*

*Гьез абуна: «нижеда бице авраrасул гIаламатаздаса»- абун. Аварагас ﷺ абуна: аварагасул берал кьижула, ракI кьижуларо абун. Цинги гьез гьикьана, лъимер кин бихьинаб ва ц1уяб лъугьунеб абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна бихьинчиясулги ч1ужуг1аданалъулги мани данделъараб мехалъ бихьинчиясул мани тIаде ккани (бергьани, къуватаб бугони) вас гьавула, ч1ужуялъул мани тIаде ккани яс гьаюла» абун.*

*Цинги ягьудияз гьикъана: «Исраилица (ЯгIкъубица) жиндир напсалъе щиб жо хIарам гьабураб»-абун: Аварагас ﷺ абуна: «гьесул чорхолъ унти букIана ва гьелъие рекъолеб дару батичIо варанидул рахь гурони. Цинги гьес варанидул гьан хIарам гьабуна»- абун. Ягьудияз гьикъана: «Гьаб зодоб рагIулеб гъугъай щиб?»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ накIкIазда вакил гьавурав малаик вуго, жинда кодоб цIадул ц1ц1ал бугев ва жинца накIкIал къотIулев Аллагьас амру гьабураб бакIалда»-абун. Ягьудияз абуна: «гьаб гьаракь щибха бугеб?»- абун. Аварагас ﷺ абуна: «гьеб малаикасул гьаракь буго»- абун.*

*Ягьудияз абуна: «Дуца битIун бицана, гьанже цо суал хутIана: гьелъиеги битIараб жаваб кьуни, нижги дуда нахърилъуна. Цониги аварагги гьечIо жиндихъе малаик вачIунев вукIун гурони Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан хабар босун. Духъе щив малаик вачIунев?»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Жабраил вачIуна»- абун. Ягьудияз абуна: «жив рагъалдалъунги, гIазабалдалъунги, чIваялдалъунги рештIунев ва нижер тушманлъун вугев Жабраилищ? Дуца абурабани Микаил абун, нижги дуда нахърилъунаан. Гьев вуго цIадалдалъун, хур-хералдалъун, рахIматалдалъун рештIунев»*-абун. Цинги Аллагьас гьеб кIиго аят рештIизабуна: (97, 98).

Жинда Аллагь разилъаяв Бухариясги х1адис бицана: *«Г1абдуллагь ибну Салам абулев ягьудиязул гIалимасда хабар рагIана Мадиналда аварагги ﷺ вач1иналъул. Гьев Г1абдуллагь жиндир ахикь гьабулеб хIалтIиги тун, хехго аварагасухъе ﷺ вачIана, ва жинца абуна: «дица дуда лъабго жо гьикъила аварагзабазе гурони жиб лъалареб: къиямасеб къо бачIиналъул бищун цебесеб гIаламат щиб! Алжаналъул агьлуялъул бищун цебесеб квен щиб! Лъимер эбелалда я инсуда релъараблъун гьабулеб жо щиб?»-абун.*

*Аварагас ﷺ абуна: «гьаб дуца гьикъараб жоялъе жаваб дида Жабраилас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ бицана, дуца гьикьилелде цебе. Г1абдуллагьица абуна ягьудияз жидер тушманлъун ккурав Жабраиласищ?»*- абун.

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аят цIалана: «Нужер щив вугониги Жабараилида тушманлъи гьабулев...» (97 аят). Хадуб аварагас ﷺ абуна: «Къиямасеб къо гIагарлъиялъул тIоцебесеб гIаламат цо цIа баккинзе буго жинца гIадамал бакъ баккудасан бакъ терхьудехун къотIулеб. Алжаналъул агьлуялъ тIоцебе кваналеб тIагIам кIудияб ччугIаялъул тIулалдасан буго. Бихьинчиясул мани цебе ккараб мехалъ лъимер инсуда релъула, чIужугIаданалъул мани цебе ккараб мехалъ эбелалда релъуна»- абун.*

*Цинги ГIабдуллагь ибну Саламица абуна: «дица нугIлъи гьабулеб буго Аллагь цо вукIиналда ва мун гьесул авараг вукIиналда»-абун. Цингиги ГIабдуллагьица абуна: «я расулуллагьи, гьал ягьудиял ахIмакъал, бугьтанал лъолеб къавм буго. Гьезда дуца дир хIакъалъулъ гьикъилелда цебе лъанани, дун исламалда вачIаравлъи, гьез дида бугьтанал лъезе руго»-абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасухъе ягьудиял рачIараб мехалъ, гьезда гьикъана: «нужеда гьоркьов ГIабдуллагь ибну Салам абурав чи щиб къадроялъул чи вугев?»-абун. Ягьудияз абуна: «гьев нижер лъикIав чи вуго ва нижер сайидги вуго»- абун. Аварагас ﷺ абуна: «гьес дида иман лъун, гьев бусурманлъани щиб жо нужеца абилеб»- абун. Ягьудияз абуна Аллагьас цIунаги гьев дуда иман лъеялдаса-абун.*

*Цинги тIаде вачIун ГIабдуллагь ибну Саламица Ашгьаду ан лаилагьа иллаллагьу ва анна МухIаммадан русулуллагьи- абун абуна. Гьел ягьудиял рихун хутIана ва гьез абуна: гьав нижер бищун квешав чи вуго, ва квешав чиясул васги вуго абун. Цинги гьев мукъсан гьавулел харбал рицана. ГIабдуллагьица абуна: гьале гьадинаб жо гьаз бициналда хIинкъун вукIана дун- абун.*

ТIадегIанав Аллагьас хирияв МухIаммад ﷺ аврагасул ракI парахалъизе ва, гьесда иман лъечIеб гIадин, гьесие къварилъиги гьабураб гIадин, ягьудияз цересел аварагзабазеги гьебго къварилъи гьабунин абун, бицунеб буго хадусел аятазда ва цогиги гьезул къабихIал пишабиги баян гьарулел руго.

**99. ХIакълъунго дица дуда мухIканал ва баянал аятал, хIужаби рештIизаруна МухIаммад ﷺ. Гьезда инкарги кколаро пасикъал гIадамаз гурони**: Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиялдаса рахъарал, купруялда тIадги чIарал.

وَلَقَدْ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ءَايَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ ۖ وَمَا يَكْفُرُ بِهَآ إِلَّا ٱلْفَٰسِقُونَ ﴿٩٩﴾

**100. Щибаб къотIи гьабунщинахъе гьеб къотIиги биххун ва жидехъе бачIараб тIехьалда инкарги ккунищха гьел**

أَوَكُلَّمَا عَٰهَدُوا۟ عَهْدًا نَّبَذَهُۥ فَرِيقٌ مِّنْهُم ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٠٠﴾

**ягьудиязул цо-цо къокъа хьвадулеб? ХIакъикъаталда ягьудиязул гIемерисел жидеца тавраталда иман лъоларел руго.** Иман лъун букIараб ани гьез къотIиги хвезабулароан, пасалъабиги гьариларoан.

**101. Ва жидехъе МухIаммад** ﷺ **авараг вачIараб мехалъ, Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан расуллъун, жинца гьезухъ бугеб хисизабичIеб тавратги ритIухъ гьабулев:** Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг ритIухъ гьавулев, Аллагь цо гьавилъун бугеб диналъул аслуги ритIухъ гьабулев, **жидехъ тIехь рештIарал ягьудиязул цо къокъаялъ гьез цIалулеб букIараб Аллагьасул калам Таврат мугъалда нахъе рехун тана, жидеда щибго жо лъаларого бугеб гIадин.**

وَلَمَّا جَآءَهُمْ رَسُولٌ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ مُصَدِّقٌ
لِّمَا مَعَهُمْ نَبَذَ فَرِيقٌ مِّنَ ٱلَّذِينَ
أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ كِتَٰبَ ٱللَّهِ وَرَآءَ
ظُهُورِهِمْ كَأَنَّهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٠١﴾

Гьеб Тавраталда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул сипатал рицун рукIиндал, гьесда инкар ккун, т1убанго Тавратги нахъе рехун чIана ягьудиязул гIалимзаби.

**102. Цинги гьел ягьудиязул гIалимзаби нахърилълъана** Сулайман عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул заманаялъ сах1ирзабаца хIалтIизабулеб букIараб, щайтIабаца гьезда малъараб **сих1ро гьабулеб гIелму ц1ехеялда ва гьеб лъазабун сих1рочагIилъун рахъана. Гьел ягьудияз абухъе Сулайман** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **авараг сих1рочи вукIинчIо ва гьес Аллагьасда** ﷻ **инкар кквечIо,** ай капурлъич1о. **киниги гьел щайт1аби капурлъана** ва гIадамазда гьоркьоб хабар бицунел рукIана Сулайман عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ сих1рочи вукIанин абун **ва гьесул цIаралдаса гIадамазда сихIро малъулел.** Гьаб щайтIабазул хабар данде ккана (рекъана), ягьудазул гIалимазе ва гьез Тавратги рехун тун, Къуръаналде ва МухIаммадида ﷺ иман лъезеги чIухIун хIарамаб сих1ру халтIизабизе ва гьеб г1адамазда малълъизе лъугьана.

وَٱتَّبَعُوا۟ مَا تَتْلُوا۟ ٱلشَّيَٰطِينُ عَلَىٰ مُلْكِ سُلَيْمَٰنَ ۖ
وَمَا كَفَرَ سُلَيْمَٰنُ وَلَٰكِنَّ ٱلشَّيَٰطِينَ
كَفَرُوا۟ يُعَلِّمُونَ ٱلنَّاسَ ٱلسِّحْرَ وَمَآ أُنزِلَ
عَلَى ٱلْمَلَكَيْنِ بِبَابِلَ هَٰرُوتَ وَمَٰرُوتَ ۚ
وَمَا يُعَلِّمَانِ مِنْ أَحَدٍ حَتَّىٰ يَقُولَآ إِنَّمَا نَحْنُ
فِتْنَةٌ فَلَا تَكْفُرْ ۖ فَيَتَعَلَّمُونَ مِنْهُمَا
مَا يُفَرِّقُونَ بِهِۦ بَيْنَ ٱلْمَرْءِ وَزَوْجِهِۦ ۚ وَمَا هُم
بِضَآرِّينَ بِهِۦ مِنْ أَحَدٍ إِلَّا بِإِذْنِ ٱللَّهِ ۚ
وَيَتَعَلَّمُونَ مَا يَضُرُّهُمْ وَلَا يَنفَعُهُمْ ۚ
وَلَقَدْ عَلِمُوا۟ لَمَنِ ٱشْتَرَىٰهُ مَا لَهُۥ فِى
ٱلْءَاخِرَةِ مِنْ خَلَٰقٍ ۚ وَلَبِئْسَ مَا شَرَوْا۟ بِهِۦٓ
أَنفُسَهُمْ ۚ لَوْ كَانُوا۟ يَعْلَمُونَ ﴿١٠٢﴾

**Жегиги гьел ягьудияз лъазабуна Бабил абулеб ракьалда Аллагьас**

**ﺟَﻞَّﺟَﻼَﻟُﻪ гIадамазул хIал бихьиялъе витIарав Гъарут ва Марут абулев кIиго малаикас гьабулеб букIараб сихIроги. Дов Гъарутица ва Марутица цониги чиясда сихIро малъулеб букIинчIо цин гьез гIадамазда бицун ва лъазабун гурони сихIро гьаби хIарамаб букIин ва жалги Аллагьас гIадамазул хIал бихьизе, гьел питнаялда ккезаризе ритIарал рукIин. Воре нужеца сихIро лъазабуге ва нуж гьеб сихIроги гьабун капурлъугеян абун абулеб букIана гьел малаиказ.**

Аллагьас ﺟَﻞَّﺟَﻼَﻟُﻪ гIадамазул хIалбихьиялъе ритIарал рукIиналъ дов кIиявго малаикас сихIро малъиялда «питна» абуна. Ва амма сихIро гьабиги лъазабун, гьеб сих1ро гьабулел чагIилъун ч1арал гIадамал капурал руго абуна гIемерисел гIалимзабаз, Къуръаналда «нуж капурлъуге»-ян абун бугелъул гьезул хIакъалъулъ.

Гьелда тIоритIел гьабулеб машгьураб хIадисги буго: *«сихIручиясухъ ва балъголъи лъалин вугев чиясухъ жив арав ва гьез бицунеб жо ритIухъ гьабурав чи МухIаммад ﷺ аварагасда рештIараб Къуръаналда инкар ккурав чи вуго»-ян* абун. Х1адис имам Тирмизияс абуДавудица ва ибну Мажатица бицана.

Ва балъголъи лъаларо цох1о т1адег1анав Аллагьасда гурони.

Гьав кIиго малаик гIадамазда сихIро лъазабизе ритIиялъе сабаб бугин абуна гьеб заманалъ цIакъ батIи-батIиял сих1раби гьарулел рукIин ва цо-цо сихIручагIи жал аварагзаби ругилан кIалъалел рукIин. ХIакъав аварагасе букIунеб мугIжизатги, сахIирзабазул сихIруги батIа гьабизе лъай букIана гьелдаса мурад.

Гьаб сихIруги к1иго батIияб букIана: цо тайпа букIана гIадамазе мунфагIат бугеб ва жиб гьабизе хIарамаб гьечIеб. Цоги букIана гIадамазе зарал лъугьунеб ва жиб гьабизе хIарамаб.

Гьел ягьудияз **лъазабулеб букIана рос-лъади цо-цазе рихунеб, гьезул ригьин биххулеб сихIру.** Гьаб ц1акъго зарал кIудияб сихIру буго. **Гьел сихIручагIазда кIоларо щибго зарал гьабизе ва асар гьабизе, Аллагьасул ﺟَﻞَّﺟَﻼَﻟُﻪ изнуялдалъун гурони:** ай Аллагьас риччан руго гьел гьеб гIамал гьабизе, амма гьезул щибго гьунар гьечIо гьеб сихIру гьабиялда жаниб, щай абуни Аллагьасе бокьани гьезул сихIру хвезаби, гьезда кIоларо гьелда данде чIезе.

**Жидеего зарал бугеб жо буго гьел сихIручагIаз гьабулеб, гьелдаса гьезие щибго мунпагIатги гьечIо. Гьезда хIакълъунго лъалеб бугелъул гьеб сихIроги босун, гьелъухъ Аллагьасул калам бичи жидее ахираталда кIудияб гIазаб- къварилъи букIин.**

**ЦIакъ квешаб жо бугоха гьез жидерго напсалги ричун гьелда**

**данде босараб**: ай ахираталда жал жужахIалда ккезарулеб сихIро боси, **гьезда лъалебани гьеб кигIан кIудияб зулмо бугеб;** сахаб гIакълоги, гIелмуги, иманги букIарабани жидеда гьеб лъалаан.

وَلَوْ أَنَّهُمْ ءَامَنُوا۟ وَٱتَّقَوْا۟ لَمَثُوبَةٌ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ خَيْرٌ لَّوْ كَانُوا۟ يَعْلَمُونَ ١٠٣

**103. Гьал сихIру бичун босарал гIадамаз иман лъуни ва гьел Аллагьасдасаги** جَلَّجَلَالُهُ **хIинкъани:** жидеца гьабулеб квешаб гIамал тун гьелда тавбо гьабун, цинги гьезухъе вачIарав, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагги ритIухъ гьавун, гьесда нахърилъани **гьезие Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабулеб ажро- кири цIакъ лъикIаб бугоха. Гьезда гьаб иш гьадин букIин лъалебани ва гьел хIакъаб диналдаги руссунебани.**

Гьал гIадамал ягьудиязул гIалимзаби рукIаниги, гьез хIакъаб жоялда гIамал гьабичIеб мехалъ, гIелмуялда рекъараб хьвадиги гьабичIеб мехалъ, гьел жагьилчагIазул бакIалда рукIуна. Гьедин бук1иналъ ТIадегIанав Аллагьас гьаб кIиябго аяталъул ахиралда абулеб буго: **«жал жо лъалел ругелани»** абун.

Гьал аятаз хIинкъи кьун лъазабулеб буго сихIру гьаби, гьабулезда божи купруялда унеб гIамал бугин абун. Гьаб заманалъги гIемер руго жидеца гIадамал гуккулел сихIручагIиги, балъгояб жо лъалин, хваразул рухIал ракIарулин ругелги, щайтIабигун гаргадулелги, жидеца сихIро хвезабулаян абун гIадамал гуккулелги (сихIро гьабун рокъоб, азбаралъуб лъураб ясикIо бахъулел).

Гьал киналго руго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIматалдаса рикIкIалъарал гIадамал ва гьазда божун, гьазухъе хьвадулелги купру-ширкалда ккеялда хIинкъи буго. Ц1одорлъи гьабизе ккела ва кинабго унти, къварилъи, балагь нилъеда тIаде биччалев ва гьеб тIаса босулев цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин лъазе ккела.

Муъминзабазда тIаде бачIунеб къварилъи гьезул мунагьал чуризе букIуна, гIасиял, пасикъал, капурал г1адамазда бачIунеб къварилъи гьезие дунялалдаго гIазаб гьаби буго. Гьадин бугелъул жинда цо къварилъи тIаде ккарав чияс бищун цебе Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьаризе ккела гьеб тIаса босе абун. Хадув гьев хIинкъизе ккела жиндир гIасилъи гIемерлъун, жиндие гьабулеб гIазаб батилин абун.

Тавбо гьабун, Аллагьасда воссун дугIа гьабила: я дир БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьаб дида бачIараб къварилъи дир мунагьал чуриялъе сабаблъун ккезабе. Гьаб дида ццим бахъун бачIараблъун гьабуге- абун. Гьалда хадуб щибаб къварилъиялъе гьеб тIасса босизе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъее рихьизарурал загьирал сабабал руго. Тохтурзаби руго,

гIалимзаби руго. Гьезда аскIор ун, гьездаса кумек тIалаб гьабизеги бегьула. Дол Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ какарал сихIручагIи ва гьезда релъаралги ц1акъ рикIкIад гьаризе ккела.

Аллагьас нилъее тавпикъ гьабеги квешаб тезе лъикIаб босизе. Амин. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел ягьудиязул бусурбабаздехун бугеб тушманлъи, хIалхъублъи бицун: гьезул нигIматал тIаса ине бокьи, исламияб дин махсароде гьабун гьеб хвезабизе бокьи, ва цогидалги гIамалал рицун, рештIизаруна гьал хадур ругел аятал.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَقُولُواْ رَٰعِنَا وَقُولُواْ ٱنظُرۡنَا وَٱسۡمَعُواْۗ وَلِلۡكَٰفِرِينَ عَذَابٌ أَلِيمٞ ١٠٤

**104. Я гьал иман лъурал гIадамал! нужеца абуге «رَاعِنَا» - абун, гьелъул бакIалда «انْظُرْنَا» - абе ва нужеда малъулеб лъикIаб жоялда гIенекке ва Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъе. Жидеца Аллагьасда инкар кколел,** гьесул дин махсароде гьабулел, аварагзабаде данде рахъунел **ягьудиязе жинца унтизабулеб жужахIалъул гIазаб бук1ине буго.**

ГIараб мацIалда «رَٰعِنَا» ва «ٱنظُرۡنَا» абураб кIиябго рагIи цого магIнаялда буго: ниж дагьалъ те абураб магIна. Ягьудияз доб «рагIина» абураб рагIиялъул жинца ахIмакълъиялда тIоритIел гьабулеб цогиги магIнаги босун, гьелдалъун кIалъалел рукIана аварагасда ва муъминзабазда. Гьедин бугелъул доб «рагIина» абураб рагIиго абуге абун амру гьабулеб буго Аллагьас муъминзабазда. Цоги гьел ягьудияз бусурбабазе салам кьолаго «ассаму гIалайкум» абулеб букIана «ассаламу» абулеб бакIалда. Гьеб рагIиялъул магIна буго «нужее хвел буго» абураб. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас асхIабзабазда ﷺ абуна ягьудияз доб рагIи абураб мехалъ гьелда данде «ва гIалайкум» абе абун. Цинги гьелъул магIна лъугьула «нужееги буго хвел» абураб.

مَّا يَوَدُّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنۡ أَهۡلِ ٱلۡكِتَٰبِ وَلَا ٱلۡمُشۡرِكِينَ أَن يُنَزَّلَ عَلَيۡكُم مِّنۡ خَيۡرٖ مِّن رَّبِّكُمۡۚ وَٱللَّهُ يَخۡتَصُّ بِرَحۡمَتِهِۦ مَن يَشَآءُۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلۡفَضۡلِ ٱلۡعَظِيمِ ١٠٥

**105. Жидеда т1ехь рештIараб агьлуялъеги, гьединго мушриказеги бокьуларо** (гьезул капурзабазе бокьуларо) **нужеда БетIергьан Аллагьасул рахъалъан лъикIаб жо рештIизе:** нужехъе авараг вачIизеги, Къуръан рештIизеги. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир ц1об-рахIматалда жиндие вокьарав чи хасс гьавула:** гьел китабиязда яги мушриказда гьикъулеб, гьезулгун данде балеб щибго жо букIуларо, **ТIадегIанав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазе**

**ц1обал гІатІидав, гьезие лъикІлъи кІудияв вуго.**

۞ مَا نَنسَخْ مِنْ ءَايَةٍ أَوْ نُنسِهَا نَأْتِ بِخَيْرٍ
مِّنْهَآ أَوْ مِثْلِهَآ ۗ أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ
كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٠٦﴾

**106.** ТІадегІанав Аллагьас цо аят насхо гьабун (магІна хвезабун) цоги аят рештІиндал ягьудал кІалъана: «Балагье гьав аварагин вугев чиясухъе: жакъа бицараб жо метер хвезабулеб буго, жиндир асхІабзабазда жакъа цо амру-нагью гьабулеб буго, хадуб гьелдасан батІияб гьабулеб буго. Гьаб Къуръан гьес жинцаго ургъулеб жо буго»-абун. Цинги ТІадегІанав Аллагьас гьезул рагІи хвезабун абуна:

**Дица цо аяталъул магІна хвезабун цоги аят рештІани, яги цо аяталда хІукму гьаби тани, цоги гьелдаса лъикІаб яги гьелда релъараб х1укму ва амру рештІизабула,** муъминзабазе дунял-ахираталъул лъикІлъи бугеб, яги гьездаса цо къварилъи борхула, яги гьезие кири ц1ик1кІизабула. **Дуда лъаларищ МухІаммад** صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ (ва киналниги муъминзаби) **Т1адег1анав Аллагь кинабго жоялда жиндир хІал кІолев вукІин** ва жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вукІин. Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан лагъзадерие жинда жаниб маслахІат, лъикІлъи бугеб жо гурони букІуларо.

«Насхо» гьаби абураб рагІиялъул магІна буго цо жо хисизаби, цо жоялъул бакІалда цоги жо лъей. Къуръаналъул аят насхо гьабуна абураб мехалъ гьелъул магІна букІула цо пуланаб хІукму хисизабун цоги хІукму гьаби. Гьаб насхо гьаби букІуларо диналъул аслуялъулъ: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави, авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ритІухъ гьави, ахираталда иман лъей ва гьезда релъарал жалазулъ. Гьединго насхо букІуларо аварагзабазул ва ццересел умматазул къиссабазулъги. Насхо букІула инсанас гьабулеб пишаялда хурхараб шаргІияб хІукмуялъулъ.

Гьедин насхо гьабуна Байтул-мукъадасалда руссун как бай Маккаялда руссиналъул аяталдалъун. Васият гьабе абураб аяталъул хІукму хисизабуна ирсалъул аятаздалъун. Капурзабазда ва мушриказда рагъ гьабуге абулел аятазул хІукму насхо гьабуна гьезда рагъ гьабе абулел аятаздалъун. Гьалда релълъарал цогиги ширгІиял хІукмаби руго исламалъул авалалда рукІаралдаса хадуб цІияб хІукму гьабун хисизарурал.

ТІадегІанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца шаргІияб нух лъолев Х1аким. Гьесул ихтияралда букІула жиндие бокьараб хІукму хисизабизеги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасеги ихтияр букІана жинда вахІю гьабураб мехалъ хІукму хисизабизе. Хирияв авараг хун хадуб шаргІияб хІукму хисизабуларо ва Къуръаналъулги хІадисалъулги

цониги хIукму хвезабуларо.

أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ ٱللَّهَ لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۗ وَمَا لَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِن وَلِىٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿١٠٧﴾

**107. Дуда лъаларищ МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, ТIадегIанав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вукIин зоб- ракьалъул ханлъи жинда кодоб бугев. Нужее цоги щивго чи гьечIо жинца квербакъулев ва нужее лъикIлъи гьабулев, цох1о Аллагь гурев.**

ТIадегIанав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго кинабго жо бижи ва гьелъулъ гьабулеб тасарупги (хис-бас гьаби). Жиндие бокьараб хIалалъ гьаб гIалам бижидал, жиндие бокьарав бахьибугев гьавула, аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъун, гьесда нахърилъарал АсхIабзабигIадин رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ. Жиндие бокьарал бахьикъосарал гьарула, Къуръанги аварагги гьереси гьавурал ягьудиялгIадин. Гьединго жиндие бокьараб жо хIалал гьабула, жиндие бокьараб хIарам гьабула. Аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рештIизабулеб Къуръанги жиндие бокьухьин рештIизабула: **Аллагьасда щивго чияс гьикъуларо гьес гьабулеб жо щиб абун, гIадамазда ахираталда гьикъизе буго жидер гIамалаздаса.** (Суратул Анбияъ 23 аят)

Гьаб хIикмат бичIчIараб мехалъ, муъминзабазда тIадаб буго жидехъе бачIараб амру-нагью тIубай, аваргасда нахърилъин ва ягьудияз гIадин дин махсароде гьабулел суалал кьечIого тей.

أَمْ تُرِيدُونَ أَن تَسْـَٔلُوا۟ رَسُولَكُمْ كَمَا سُئِلَ مُوسَىٰ مِن قَبْلُ ۗ وَمَن يَتَبَدَّلِ ٱلْكُفْرَ بِٱلْإِيمَـٰنِ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ ٱلسَّبِيلِ ﴿١٠٨﴾

**108. Яги нужее бокьунищ бугеб я гьал муъминзаби, нужецаги гьикъизе аварагасда нужеда цере рукIараз Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасда гьикъараб гIадин. Жинца иманги кьун купру босарав чи т1убанго битIараб нухдасан къосарав вуго.**

Гьаб хIал букIана аврагзаби ритIухъ гьаричIого, гьезда нахърилълъинчIого, гьезда данде къецандулел гIадамазулги. Аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ хIалбихьизе, гьев гIодовегIан гьавизе гьикъарди гьукъун рештIана гьаб аят. Гьеб гIамал букIана ягьудияз Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда данде гьабулеб. Гьединго гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахьалъан хIукму рештIичIеб жоялдасаги гьикъарди лъикIаб гьечIольиялда: Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагас асхIабзабиги رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ нахъечIван рукIана гьедин гьикъардиялдаса.

وَدَّ كَثِيرٌ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَـٰبِ لَوْ يَرُدُّونَكُم مِّنۢ بَعْدِ إِيمَـٰنِكُمْ كُفَّارًا حَسَدًا مِّنْ عِندِ أَنفُسِهِم مِّنۢ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ

**109. Китабиязул гIемерисезе бокьун буго нуж иман лъун хадур гьелдаса руссун капурзабилъун лъугьизе.** Гьеб бокьиялъе гIиллаги буго **жидее хIакъаб жо баянлъун хадубги гьезул**

ٱلْحَقُّ فَٱعْفُوا۟ وَٱصْفَحُوا۟ حَتَّىٰ يَأْتِىَ ٱللَّهُ
بِأَمْرِهِۦٓ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٠٩﴾

**нужедехун бугеб хIасад ва хIалхъублъи.** Гьеб хIакъаб жо буго хирияв авараг ﷺ ва гьесул асхIабзаби رضي الله عنهم хIакъаб диналда рукIин. Гьеб буго китабиязе захIматлъун бугеб жо. **Нуж гьезда тIаса лъугьа ва гьез нужее гьабулеб къварилъиги данде жаваб кьечIого те, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее цо амру бач1инегIан. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндир кинабго жоялда хIал кIолев вуго.** Гьел бусурбабазе къварилъи гьабулел гIадамаздаса Аллагьас ццим босила жиндие бокьараб мехалъ, гьесдаса гьел рорч1иларо.

وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ ۚ
وَمَا تُقَدِّمُوا۟ لِأَنفُسِكُم مِّنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ
عِندَ ٱللَّهِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١٠﴾

**110. Нужеца паризаял какал рай, паризаяб закатги кье. Гьебгуребги суннатаб гIамал гьабун гьабураб лъикIлъиги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб нужеда батизе буго. хIакълъунго Аллагь киналго нужер гIамалал рихьулев вуго,** ва нужее гьелда данде мустахIикъаб жазаъ гьабизе бугев вуго.

Гьедин бугелъул, щибго мунпагIат гьечIеб дагIба-къец ва гьикъардиялда рукIинчIого ахираталда нужее хайир бугеб, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъунеб гIамал гьабиялда т1ад ч1ей гьабе.

وَقَالُوا۟ لَن يَدْخُلَ ٱلْجَنَّةَ إِلَّا مَن كَانَ
هُودًا أَوْ نَصَٰرَىٰ ۗ تِلْكَ أَمَانِيُّهُمْ ۗ قُلْ هَاتُوا۟
بُرْهَٰنَكُمْ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿١١١﴾

**111. Жидехъе т1ехь кьураз абулеб буго алжаналда жанир лъугьизего гьечIо Мусал яги ГIисал диналда рукIарал гIадамал гурони абун: гьаб буго гьез хьул гьабулеб ва гьезие бокьулеб жо. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Нужеца бицунеб жо битIараб батани нужер хIужа бачеха абун.**

بَلَىٰ مَنْ أَسْلَمَ وَجْهَهُۥ لِلَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ فَلَهُۥٓ
أَجْرُهُۥ عِندَ رَبِّهِۦ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿١١٢﴾

**112. Гьеб алжаналда лъугьуна жинца бацIадго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, гьесие гIибадат гьабурав чи. Жинца шаргIалда рекъон лъикIаб гIамалги гьабурав. Гьев чиясе буго Аллагьасда аскIоб ажро ва алжан. гьел гIадамазе ахираталда щибго хIинкъи гьечIо ва гьел сунцаго пашман гьаризеги гьечIо.**

Нилъеца гьабураб гIамал къабул гьабиялъе кIиго шартI буго: <u>цо</u> буго гьеб гIамал гьоркьоб щибго жо гIахьал гьабичIого цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб букIин. <u>КIиабилеб</u> буго гьеб гIамал битIараб, шаргIалда рекъон ккараб букIин. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ихласалда (рак1 бац1ц1адго)

гьабуниги, шаргIалда рекъон ккечIони гьеб гIамал къабул гьабуларо. Гьелъие далил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис: *«Жинца гIамал гьабурав чи, гьеб гIамалалъе нилъер амруги (хIужа далил) гьечIеб, гьеб гIамал нахъчIвала»* абун. Х1адис Муслимица бицана. Масала: китабиязул кашишаз Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло гIамал гьабулеб бугониги, гьезул гьеб къабул гьабуларо: гьезда тIадаб бугелъул МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ аварагасда иман лъезе ва гьесда нахърилълъине.

**113. Ягьудияз абуна насранияз гьабулеб дин битIараб гьечIин, насраниязги абуна ягьудияз гьабулеб дин бит1араб гьеч1ин. Гьаб кIиябго къокъаялъ Инжил ва Таврат тIехьги цIалулеб буго.**

وَقَالَتِ ٱلۡيَهُودُ لَيۡسَتِ ٱلنَّصَٰرَىٰ عَلَىٰ شَيۡءٖ وَقَالَتِ ٱلنَّصَٰرَىٰ لَيۡسَتِ ٱلۡيَهُودُ عَلَىٰ شَيۡءٖ وَهُمۡ يَتۡلُونَ ٱلۡكِتَٰبَۗ كَذَٰلِكَ قَالَ ٱلَّذِينَ لَا يَعۡلَمُونَ مِثۡلَ قَوۡلِهِمۡۚ فَٱللَّهُ يَحۡكُمُ بَيۡنَهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُواْ فِيهِ يَخۡتَلِفُونَ ﴿١١٣﴾

гьеб тIехьалда гIамал гьабулеб букIарабани гьез цо-цазул дин битIараблъун гьабизе кколаан ва Мусадаги Г1исадаги عَلَيۡهِمَاٱلسَّلَامُ кIиясдаго иманги лъезе кколаан. **Китабияз абуралда релълъараб жо абулеб буго гIарабиязул мушриказги, цогидал жидехъ тIехь рештIинчIел гIадамазги.** Гьел гIарабияз абуна МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ авараг гьечIин ва хIакъаб дин малъулев гьечIин. **Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ахир къиямасеб къоялъ хIукму гьабизе буго гьел китабиял хилиплъараб жоялъулъ** Гьеб къоялъ кинабго жо загьирлъула ва щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула, цох1ониги чиясе цоги чиясул мунагьазул гIакъубаги гьабуларо.

**114. Жиндир зулмо кIудияв щивха вукIинев, жинца масжидазда жаниб Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабизе гьукъулев ва гьел масжидал рихххизаризе живги хьвадулев чиясдаса?**

وَمَنۡ أَظۡلَمُ مِمَّن مَّنَعَ مَسَٰجِدَ ٱللَّهِ أَن يُذۡكَرَ فِيهَا ٱسۡمُهُۥ وَسَعَىٰ فِي خَرَابِهَآۚ أُوْلَٰٓئِكَ مَا كَانَ لَهُمۡ أَن يَدۡخُلُوهَآ إِلَّا خَآئِفِينَۚ لَهُمۡ فِي ٱلدُّنۡيَا خِزۡيٞ وَلَهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٞ ﴿١١٤﴾

(Румаца байтул-мукъадас бихххизабиялда релълъун ва Къурайшазул мушриказ КагIбаялда гIибадат гьабизе муъминзаби гьукъиялда релълъун). Ай гьаб ц1акъ кIудияб купру ва зулму буго.

**Гьел гIадамазда тIадаб букIана Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рукъзабахъ Аллагьасдаса хIинкъун, гьесие гIибадат гьабизе лъугьизе. Гьел рукъзал рихххизе ва ч1унтIизе гьарулел г1адамазе дунялалда гIодобегIанлъи ва хIакъирлъи буго, ва ахираталда гьезие жужахIалъул кIудияб гIазабги бук1ине буго.**

Къатадатица абуна: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тушбаби насранияз кумек гьабуна Бухтанасар абулев мажусиясе боялги рачун Байтул-мукъадас биххизе вачIиндал. Гьелъие гIиллаги букIана ягьудияз ЯхIя авараг чIваялда ццим бахъин.
Ибну жаририца абуна: гьаб аяталда бицен гьабурал г1адамал руго Къурайшиязул мушрикал, Мух1амад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьесул асх1абзаби Х1удайбияталъул сулх1 гьабураб къоялъ Маккаялда жанир лъугьине жидеца гьукъарал» -абун.

**115. ТIадегIанав Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **буго бакъ баккулеб рахъги ва бакъ тIерхьуллеб рахъги.** Гьединго кинабго жоги. **Нуж гIибадат гьабизе кинаб рахъалде руссаниги гьенив Аллагь вукIула** ва гьесда нуж рихьула, нужер гIибадатги бихьула. **ХIакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир ц1об-рахIмат гIатIидав вуго,** гьеб кинабго гIаламалда щолев вуго **ва кинабго махлукъаталъул ахIвалал жинда лъалев вуго.**

وَلِلَّهِ ٱلْمَشْرِقُ وَٱلْمَغْرِبُ فَأَيْنَمَا تُوَلُّوا۟ فَثَمَّ وَجْهُ ٱللَّهِ إِنَّ ٱللَّهَ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿١١٥﴾

Гьаб аят рештIизабиялъе сабаб бицунаго гIалимзабазул гIемерал хилапал руго. Цояз абуна гьеб букIанин как тIад лъураб заман, къибла кинаб рахъ бугеб бицинчIеб. Цояз абуна гьаб аят бугин сапаралда рукIун, бецIаб бакIалда рукIун, къибла лъачIони бокьараб рахъалда русун как базе бегьиялъе далил абун. Гьаб аят насхо гьабуна КагIбаялде руссун как базе тIадаблъун гьабурал аятаз.

**116. Ва гьел мушриказ абуна Аллагьас жиндие лъимал гьарунин абун. Жив вацIц1адав вуго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **мушриказ гьесда гIунтIизабулеб гьересиялдаса. БетIергьан Аллагь щибго жоялда хIажатав гьечIо.**

وَقَالُوا۟ ٱتَّخَذَ ٱللَّهُ وَلَدًا سُبْحَٰنَهُۥ بَل لَّهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ كُلٌّ لَّهُۥ قَٰنِتُونَ ﴿١١٦﴾

**Зобал ракьазул ханлъи гьесда кодоб буго, гьениб жаниб бугебщинаб жоги гьесул мулк буго** ва кинабго жо Аллагьасе мутIигIаб буго. Гьес жиндие бокьухъин бижараб буго ва бокьараб къадарги гьелъие гьабураб буго. Аллагь жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Бет1ергьан вукIиналдаги мутIигIал руго. **Ахираталдаги кинабго махлукъ Аллагьасе хIелун мутIигIлъун букIине буго.**
Ягьудиязул мушриказ абуна малаикзаби Аллагьасул васал ругин абун цогидал мушриказ абуна маликзаби Аллагьасул ясал ругин абун. Гьал киналго гьереси гьарун рештIизабуна Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб цебе араб аят.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас бицараб кьуч1аб хIадис буго: *«Цониги чи гьечIо жинда рагIизабун жиндие заралияб жо бицулеб мехалъ, гьелда сабро гьабулев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ сабро гьабиялда релълъун. Капурзабаца абулеб буго гьесул лъимал ругин абун. Цингиги Аллагьас гьел капуразе ризкъиги кьолеб буго ва сахлъиги кьолеб буго»*-абун.

**117. Жинца зобал ракьал рижарав вуго гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, цебехун щибго мисал сурат гьечIого, жиндие бокьараб х1алалъ. ТIадегIанав Аллагьас цо иш лъугьизе хIукму гьабураб мехалъ гьеб хIукму тIубазабула цохIо «кун» абураб рагIиялдалъун** (мун букIа, мун лъугьа) **ва гьеб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIукму гьабураб, гьесие бокьараб жо лъугьуна.**

بَدِيعُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ وَإِذَا قَضَىٰٓ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿١١٧﴾

Хирияб Къуръаналда жаниб: «кун абула»-ян абиялдаса мурад буго нилъер гIакълоялда релълъун, нилъеда бичIунеб хIалалъ хабар бицин. Гьедин гьеч1ебани Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьеб «кун»- абиялдаги х1ажатав гьеч1о. Гьесие бокьараб жо гьеб бокьараб лах1заталъ лъугьула.

**118. Жидеда тIехь рештIич1ел мушриказ абулеб буго: «нижедаги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ кIалъалевани** вахIю рештIунебани мун авараг вугин абун. **Яги цо гIаламат бач1унебани** дур авараглъи ритIухъ **гьабун.** Гьеб рагIи буго жудер гIамал кIодолъун хIал хъублъун абулеб рагIи. **Гьал мушриказ абуралда релълъараб жо абуна гьезда церехун рукIарал къавмазги,** аварагзаби гьереси гьарун, гьезда иман лъезе чухIун. **Дол цересезулги гьазулги ракIал цIакъ цо-цазда релълъарал руго:** инкар кквеялъулъ, жагьиллъиялъулъ, беццлъиялъулъ, аварагзаби гьереси гьариялъульги. **ХIакълъунго дица мухIканал далилал ва хIужаби рачун руго хIакъаб жо лъазе бокьарал ва жидеда хIакъаб жо лъалел чагIазеги.** Гьел киналго хIужабаз гьезда бицунеб буго мун хIакъав авараг вукIин.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ لَوْلَا يُكَلِّمُنَا ٱللَّهُ أَوْ تَأْتِينَآ ءَايَةٌ ۗ كَذَٰلِكَ قَالَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِم مِّثْلَ قَوْلِهِمْ ۘ تَشَٰبَهَتْ قُلُوبُهُمْ ۗ قَدْ بَيَّنَّا ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يُوقِنُونَ ﴿١١٨﴾

**119. ХIакълъунго дица мун витIана МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ исламимияб динги босун, Къуръанги кьун, **муъминзабазда алжаналдалъун рохел бицуневлъун,**

إِنَّآ أَرْسَلْنَٰكَ بِٱلْحَقِّ بَشِيرًا وَنَذِيرًا ۖ وَلَا تُسْـَٔلُ عَنْ أَصْحَٰبِ ٱلْجَحِيمِ ﴿١١٩﴾

**капуразе ва мушриказе гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъунги. Ва дуда гьикъизе гьечIо,** дуда гIайибги букIизе гьечIо **дуца хIакъаб жоялда ахIун хадуги гьелда рач1инчIого жужахIалъул агьлолъун ккаразул.**

وَلَن تَرْضَىٰ عَنكَ الْيَهُودُ وَلَا النَّصَارَىٰ حَتَّىٰ تَتَّبِعَ مِلَّتَهُمْ ۗ قُلْ إِنَّ هُدَى اللَّهِ هُوَ الْهُدَىٰ ۗ وَلَئِنِ اتَّبَعْتَ أَهْوَاءَهُم بَعْدَ الَّذِي جَاءَكَ مِنَ الْعِلْمِ ۙ مَا لَكَ مِنَ اللَّهِ مِن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿١٢٠﴾

**120. Ягьудалги насраниялги кидаго дуда разилъуларо ва дуда нахъги рилълъунаро, мун гьезул мекъаб диналде вач1инегIан. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «ХIакъаб дин исламияб дин буго ва гьеб Аллагьас кьураб битIараб нух буго,** гьеб тун батIияб жо ва цогидал киналго динал къосин буго»- **абун. Гьаб хIакъаб амру духье бачIун хадуб ва дуда гьеб лъан хадубги мун гьел ягьудазул ва насраниязул пасадал харбазда ва гьезул напсазе бокьароб жоялда нахъ вилълъани, Аллагьасул г1азабалдаса мун ц1унулев кумекчи вукIуларо ва дуе квер бакъулев чиги вукIуларо.**

Гьаб жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагасда хитIаб гьабун абураб рагIи гьев авараг дозда нахъ вилълъиналда хIинкъун, гьесие хIинкъи кьолеб рагIи гуро. ТIадегIанав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала жиндир авараг гIасилъуларев ва амроялда хилифлъуларев вукIин. Гьаб хIинкъи кьей буго гьев МухIаммад ﷺ аварагасул умматалъе; гьаб хIакъаб исламияб дин бачIун хадуги гьел ягьудиязул ва насраниязул нухалда хьвадиялдаса ц1унизе. Кинабго купру цо буго ва гьеб цо миллат буго. Кинаб къокъаялда цадахъ кканиги гьезие бугеб хIукму абадияб жужахI буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул кьуч1аб х1адис буго: *«Дир умматалъул цо къокъа кидаго т1аса инаро жидеца х1акъаб жоялъе г1оло рагъ гьабулеблъун ва гьел бергьунеллъунги рук1ула. Гьезие щибго заралги гьабуларо гьездехун хилиплъун ч1араз. Гьадин бук1изе буго гьаб амро къиямасеб къо ч1езег1ан»*- абун.

Аллагьас нилъ ц1унаги купру-ширкалъул нухда ккеялдаса.

الَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ الْكِتَابَ يَتْلُونَهُ حَقَّ تِلَاوَتِهِ أُولَٰئِكَ يُؤْمِنُونَ بِهِ ۗ وَمَن يَكْفُرْ بِهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿١٢١﴾

**121. Ягьудиязул ва насраниязул цо къокъа буго Къуръаналда иман лъурал ва жидеца гьеб битIун цIалулел: гьоркьоб жо течIого ва магIна хисизабичIого. Жидехъе кьураб тIехьалда инкар ккурал гIадамал, цинги Къуръаналдаги инкар ккурал, гьел гIадамал руго жидер дунялги ахиратги гIадада хварал.**

Къуръан битIун цIали ва жиндир хIакъ тIубан цIалиялдаса мурад буго гьеб Къуръаналда нахърилълъин. Къуръаналъ хIалал гьабураб хIалал гьабун, хIарам гьабураб хIарам гьабун, амру-нагью тIубан, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат бац1цIад гьабун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго:

*«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул цIаралдалъун гьедула дун: цониги чи гьечIо, ягьудияв вукIа яги насранияв вукIа, жидеда дир хабар рагIарал ва дида иман лъечIел, жал жужахIалда лъугьунеллъун гурони».* Х1адис имам Муслимица бицана.

**122. Я Исраилил лъимал! Нужеца цоги ва цогиги нухалъ ракIалда щвезабе дица нужее кьурал гIемерал ва кIудиял нигIматал, ва нуж цогидал умматаздаса тIок1 гьарураблъиги:** аварагзаби ритIун ва тIахьал рештIун.

يَٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَتِيَ ٱلَّتِيٓ أَنۡعَمۡتُ عَلَيۡكُمۡ وَأَنِّي فَضَّلۡتُكُمۡ عَلَى ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٢٢

**123. Ва нуж гьеб къиямасеб къоялъул гIазабалдасаги хIинкъа, гьеб къоялъ цо напсалъе цоги напсалъул жазаъ гьабулереб, гьеб напсалдаса ришват, гIак1а ва цогидаб жо босулареб. Гьелъие цоги чиясул шапагIаталъ мунпагIатги гьабулареб, ва жидее щибго квербакъиги гьечIеб.**

وَٱتَّقُواْ يَوۡمٗا لَّا تَجۡزِي نَفۡسٌ عَن نَّفۡسٖ شَيۡـٔٗا وَلَا يُقۡبَلُ مِنۡهَا عَدۡلٞ وَلَا تَنفَعُهَا شَفَٰعَةٞ وَلَا هُمۡ يُنصَرُونَ ١٢٣

Гьаб кIиябго аяталда магIна релълъарал аятал цереги рачIун рукIана. Гьал такрар гьариялдаса мурад буго китабиял кантIизари ва аварагасда صَلَّىٰاللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ нахърилъльиялда гьесизари: жидер тIахьазда гьесул цIарги сипаталги, гьесул хIакъикъатги бицун бугелъул ва жидеда гьев хIакъав авараг вукIинги лъалеб бугелъул.

**124. Ва дуца умматалда бице МухIаммад صَلَّىٰاللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ: ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Ибрагьим аварагасул хIалбихьи гьабураб заман, гьесда амру-нагью гьабун ва шаргIиял тIадкъаял гьарун. Ибрагьимица عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ жинда тIад къараб жоги берцинго тIубана. Цинги БетIергьанас Ибрагьимида عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ абуна: Дица мун гIадамазе имамлъун гьавизехъин вуго,** гьезда дин малъулев авараглъун ва гьел дуда нахърилъльуневлъун»-абун.

* وَإِذِ ٱبۡتَلَىٰٓ إِبۡرَٰهِـۧمَ رَبُّهُۥ بِكَلِمَٰتٖ فَأَتَمَّهُنَّۖ قَالَ إِنِّي جَاعِلُكَ لِلنَّاسِ إِمَامٗاۖ قَالَ وَمِن ذُرِّيَّتِيۖ قَالَ لَا يَنَالُ عَهۡدِي ٱلظَّٰلِمِينَ ١٢٤

**Ибрагьимицаги** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **абуна: «Дир наслоялдасаги гьаре, БетIергьан, имамзаби** (аварагзаби)» – **абун. ТIадегIанав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **абуна: «Гьаб дир къотIи ва кIудияб хиралъи капурзабазе щоларо»-абун.** Гьелъул магIна буго: дур наслоялдаса имамзаби

гьаризе руго, амма гьеб хиралъи Дида мутӀигӀлъуларел зулмучагӀазе букӀизе гьечӀо.

ТӀадегӀанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Ибрагьим аварагасул хӀалбихьи гьабуна абураб рагӀиялъул магӀна гьечӀо гьев БетӀергьан Аллагь Ибрагьимица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьабизесеб жо лъаларев вукӀин, гьелъул магӀна буго гьеб иш халкъалда загьир гьаби.

وَإِذْ جَعَلْنَا ٱلْبَيْتَ مَثَابَةً لِّلنَّاسِ وَأَمْنًا وَٱتَّخِذُوا۟ مِن مَّقَامِ إِبْرَٰهِـۧمَ مُصَلًّى ۖ وَعَهِدْنَآ إِلَىٰٓ إِبْرَٰهِـۧمَ وَإِسْمَـٰعِيلَ أَن طَهِّرَا بَيْتِىَ لِلطَّآئِفِينَ وَٱلْعَـٰكِفِينَ وَٱلرُّكَّعِ ٱلسُّجُودِ ﴿١٢٥﴾

**125. Гьединго дуца уматалда бице МухӀаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дица хираяб КагӀба рукъ гьабураб заман, кинабго рахъалъан гӀадамал жинда тӀаде рачӀунеблъун ва жинда аскӀор гӀадамал хӀинкъичӀого рукӀунеблъунги.**

Гьеб КагӀба рукъалъул хӀурмат кӀодо гьабун, гьелда аскӀоб цо инсанас цоги инсанасе гӀакъуба- къварилъи гьабулароан жагьилаб заманаялъул гӀарабиязги.

**Дица гӀадамаздаги абуна: «Нужеца Ибрагьимил макъам ккве гьелда аскӀор ч1ун Ааллгьасе جَلَّ جَلَالُهُ как балеб бакӀлъун»-абун.**

«Ибрагьимил макъам» абула кагӀба рукъ балеб мехалъ Ибрагьим авараг жинда тӀад ч1ун вукӀараб гамачӀалда. Гьаб заманалъ гьеб гамачӀ кагӀбаялъул рагьоялда дандбитӀун, жинда тӀад хассаб хӀужра (къубба) гьабун буго. КагӀба рукъалда сверухъ т1аваф гьабун лъугьараб мехалъ гьеб гамачӀалда нахъехун чӀун КагӀбаялда вуссун как базе суннатаб буго.

**Ва дица амро гьабуна Ибрагьимида ва гьесул вас ИсмагӀилида нужеца гьеб КагӀба рукъ кинабгӀаги чорокаб жоялдаса бацӀад гьабе абун.** МагӀнавияб чороклъи буго Аллагьасда ширк гьаби, загьираб чороклъи буго инсанасул ракӀ къалеб щинаб жо.

КагӀба рукъ бацӀад гьабеян амру гьабуна **гьениб Аллагьасе гӀоло т1аваф гьабулел гӀадамазе зарал бугеб жаялдаса. ИгӀтикап гьабун гьеб масжидалда ч1олел гӀадамазе зарал гьабулеб жоялдасаги, ва рукугӀ-сужда гьабун как бан, цогидабги гӀибадат гьабун КагӀба рукъги, сверун бугеб масжидги даимго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсолеб бакӀлъун гьабурал муъминзабазе зарал гьабулеб жоялдасаги.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул миллаталдаса руго нилъ. Гьелъул магӀна буго гьаб исламияб дин ва гьелъул гӀемерисел хӀукмаби Ибрагьим аварагсда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малъараб диналда релълъарал, гьеб дин тӀубазабулел рук1ин.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугӀаббасица абуна: Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ

аварагасул Аллагьас ﷻ хIал бихьи гьабурал калимаби рукIана: Аллагьасул амруялда мутIигIлъун хъанчие лагълъи гьабулеб жиндир къавмалдаса ватIалъи. Залимав хан Намрузида цеве ч1ей, гьесие Аллагь цо вукIиналъе далилал рачун. Гьеб къавмалъ кутакаб цIаги бакун жив жанив рехизе хIукму гьабураб мехалъ, гьеб хIинкъараб ва захIматаб амруялда сабро гьаби, цинги жиндир ватIан тун Аллагьасул ﷻ диналъе гIола гьижра гьабун, Шамалъул ракьалде ин.

Аллагьас жинда тIад къараб х1алалъ гIадамазе гьоболлъи гьаби ва гьеб гьоболлъи гьабиялъе жиндир напс ва мал хIалтIизаби. Аллагьас ﷻ вас хъвеялдалъун амру гьабидал гьелда сабро гьабун, амру тIубазе лъугьин. Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим авараг вуго суннат гьаби (обрезание) малъ-рас къунц1и, чорхол рац1ц1алъи гьаби ва гьел гурел цогидалги жиндаса нилъее нухлъун бачIарав.

وَإِذۡ قَالَ إِبۡرَٰهِـۧمُ رَبِّ ٱجۡعَلۡ هَٰذَا بَلَدًا ءَامِنٗا
وَٱرۡزُقۡ أَهۡلَهُۥ مِنَ ٱلثَّمَرَٰتِ مَنۡ ءَامَنَ مِنۡهُم بِٱللَّهِ
وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِۚ قَالَ وَمَن كَفَرَ فَأُمَتِّعُهُۥ قَلِيلٗا
ثُمَّ أَضۡطَرُّهُۥٓ إِلَىٰ عَذَابِ ٱلنَّارِۖ وَبِئۡسَ ٱلۡمَصِيرُ ١٢٦

**126. Ибрагьим عليه السلام аварагас Аллагьасда гьарараб гIуж бице МухIаммад ﷺ дуца дур умматалда: «Я дир БетIергьан Аллагь ﷻ! Гьаб КагIба рукъ бугеб бакI ва гьелда сверухъ бугеб ракь дуца гьабе жиндилъ баракат бугеблъун ва гьенир гIадамал хIинкъичIого хIалхьон, божун рукIунеблъунги. Гьаб ракьалда бугеб халкъалъе дуца батIи-батIияб тIагIам ва пихъ ризкъилъунги кье. Гьеб ризкъи гIемераблъун ва х1алалаблъун дуда иман лъурал, дур аварагзаби ва дур тIахьал ритIухъ гьарурал муъминзабазе кье»-абун.**

**Аллагьас ﷻ абуна: «Дица гьеб ризкъи дида инкар ккуразеги кьела, гьаб дунялалъул рокъор ругел дагьабго заманаялъ»-абун.** Дица гьел рижун ругелъул ва гьезие ризкъи кьуна абун дир мулкалъе ва милкалъе (боцIи-мал) кколеб щибго мукъсанлъиги гьечIелъул. **Цинги ахираталда купру-ширкалда чIарав чи дица жужахIалъул цIадул гIазабалъулъ ккезавила ва гьесие щибго хвасарлъиги букIинаро. Ц1акъ квешаб ахир буго инсанасе жужахIалда ккей ва ц1акъ квешаб абадияб рукъги буго гьеб.**

وَإِذۡ يَرۡفَعُ إِبۡرَٰهِـۧمُ ٱلۡقَوَاعِدَ مِنَ ٱلۡبَيۡتِ وَإِسۡمَٰعِيلُ
رَبَّنَا تَقَبَّلۡ مِنَّآۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ١٢٧

**127. Гьединго кагIба рукъ балеб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим ва ИсмагIил (гьесул вас) аварагас Аллагьасда ﷻ гьари гьабураб гIужги бице умматалъе вагIзалъун ва пикру гьабизе сабаблъун: Я нижер БетIергьан Аллагь! Гьаб нижер гIамал дуца**

**къабул гьабе.**
Мун разилъиялъе сабаблъун ккезегьабе, гIадада хвараблъун гьабуге. **ХIакълъунго мун кинабго жо рагIулев ва кинабго жо лъалев вуго.** Нижер гIамалги бихьула дуда, дугIаги рагIула ва нижер рекIел иманги, дуда хIели ва дуе мутIигIлъиги лъала.

**128. Я нижер БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! Дуца ниж кIиявго гьаве дур амруялда нахърилълъараздаса:** тIубараб хIалалъ дур ахIкамал тIад росарал ва гьел тIоразарулеллъун. **Ва нижер наслу-зурияталдасаги гьабе дуда мутIигIаб уммат.** Дур къадро кIодолъи лъалел, жал дур лагъзал рукIин лъалел ва дуе мутIигIлъун, хIелун гIибадат гьабулел.

رَبَّنَا وَٱجۡعَلۡنَا مُسۡلِمَيۡنِ لَكَ وَمِن ذُرِّيَّتِنَآ أُمَّةٗ مُّسۡلِمَةٗ لَّكَ وَأَرِنَا مَنَاسِكَنَا وَتُبۡ عَلَيۡنَآۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ١٢٨

**Ва дуца нижеда лъазабе дуе гIибадат гьабулеб къагIида.** Гьеб кагIба рукъалда хIажгун гIумра гьабулеб къагIидаги лъазе гьабе. **Ва дуца нижер тавбо къабул гьабе, нижер мунагьал чурун нижеда мун гурхIа. ХIакълъунго мун цIакъ тавбо къабул гьабулев,** лагъзадерица тавбо гьабизе бокьулев **ва дуда иман лъурал лагъзадерида дунялалдаги ахираталдаги гурхIулев вуго.**

**129. Я нижер БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! Гьаб кагIба рукъ бугеб ракьалъул агьлуялда дуца авараг витIе: гьезухъе дур дин босун ва гьезда гьоркьосан жив вугев. Гьезие дур аятал цIалулев ва гьезул хIукму баян гьабулев. Гьезда дур тIехь лъазабулев ва гьелда рекъон гIибадат гьабизеги лъазабулев.**

رَبَّنَا وَٱبۡعَثۡ فِيهِمۡ رَسُولٗا مِّنۡهُمۡ يَتۡلُواْ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتِكَ وَيُعَلِّمُهُمُ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡحِكۡمَةَ وَيُزَكِّيهِمۡۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ١٢٩

Гьав МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ авараг вуго, хирияб Къуръан жиндихъ кьун гьеб Маккаялъул агьлуялда ва кинабго гIаламалда расуллъун жив витIарав ва жинца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалда рекъон, гьесие гIибадат гьабизе халкъ ах1арав.

**Ва жинца кагIбаялда сверухъ бугеб агьлу купру-ширкалдаса бац1ад гьабулев. ХIакълъунго мун цIакъ гуч бергьарав хан вуго** дуда данде щивго чи вахъунарев. **Дур гьабулеб ишалъулъ цIакъ хIикмат камилавги вуго**: жинда жаниб маслахIат бугеб, цо мурад бугеб жо гурони гьабуларев.

ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Халилуллагь жинда цIар тарав (Аллагьасе вокьулев) Ибрагьим عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жинда гьаризе виччана ва гьесда гьаниб ццебе хъвараб дугIаги ракIалда рехана (илгьам гьабуна), гьелда жаниб бугеб кIудияб хIикмат нилъее загьир гьабун.

Гьаб дугIаялдалъун Ибрагьим عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ аварагас гьарараб жоги хIакълъана, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб дугIаялъе жаваб гьабуна: дунялалда бугеб кинабго батIи-батIияб тIагIам Маккаялда бачIуна, хирияв авараг МухIамадги صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ Маккаялда гьавуна ва гьенив вукIадго авараглъиги кьуна. Купру-ширкалдаса бацIцIад гьабун, цохIо Аллагьасе гIибадат гьабулеб бакIлъун КагIбарукъги гьабуна. Киналниги бусурбаби жинда гIашикълъун рукIунеб, чанго нухалъ зиярат гьабуниги ракI гIорцIулареб ва чIалгIин бассунареблъун, гIадамазул ракIал жинда цIалеблъун, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рукъги гьелда сверухъ бугеб Макка хIарамги, Мина, ГIарафа, муздалифаги гьабуна.

**130. Хирияв авараг Ибрагьимил عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ диналдаса щивго чи вуссуларо, жив ахIмакъав, жинца напс хIакъир гьавулев вукIун гурони.**

وَمَن يَرۡغَبُ عَن مِّلَّةِ إِبۡرَٰهِـۧمَ إِلَّا مَن سَفِهَ نَفۡسَهُۥۚ وَلَقَدِ ٱصۡطَفَيۡنَٰهُ فِي ٱلدُّنۡيَاۖ وَإِنَّهُۥ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ لَمِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ١٣٠

Гьединал ахIмакъал руго ягьудиязул ва насраниязул МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ аварагасда нахърилълъинчIелги ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабун цогиги жоялъе лагълъи гьабулел гIадамалги.

**ХIакълъунго дица Ибрагьим авараг тIаса вищана ва хира гьавуна гьаб дунялалда** авараглъи кьун, гIемерал умматазе эменлъун ва имамлъун гьавун. **Гьев ахираталдаги свалихIиназдаса вукIизе вуго:** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда гIагар гьарурал, жидее тIадегIанал макъамал ва Аллагь разилъи бугел.

**131. Ва гьев Ибрагьим عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ аварагасда Аллагьас абураб гIуж рехсе, умматалъе вагIзалъун: мун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда нахъвилълъа:** гьесда мутIигIлъун ва цогидаб кинабго жо тун, Аллагьасул дин тIубаялда тIад чIаабун. **Ибрагьимица абуна: «Дун гIаламалъулго БетIергьанасе мутIигIлъана ва гьесул амруялда хIелун, мукIурлъун, нахъвилълъана»-абун.**

إِذۡ قَالَ لَهُۥ رَبُّهُۥٓ أَسۡلِمۡۖ قَالَ أَسۡلَمۡتُ لِرَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٣١

**132. Ва гьаб дица хьвадизабулеб дин ва миллат нужецаги гьабеян Ибрагьим عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ аварагас жиндир лъималаздаги васият гьабуна. Гьесул вас ЯгIкъубицаги عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ гьабуна гьебго васият. Гьес абуна: «Я дир лъимал! ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее тIаса бищун буго Аллагь цо гьавулеб исламияб дин.**

وَوَصَّىٰ بِهَآ إِبۡرَٰهِـۧمُ بَنِيهِ وَيَعۡقُوبُ يَٰبَنِيَّ إِنَّ ٱللَّهَ ٱصۡطَفَىٰ لَكُمُ ٱلدِّينَ فَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُم مُّسۡلِمُونَ ١٣٢

**Вореха нужер цонигияв гьеб исламияб дин гьабулеллъун гурони хоге ва нуж гьеб диналда даимлъе »-абун.**

Жинда Аллагьасул салам лъеяв ЯгIкъуб вуго Байтул-мукъадас барав. Ибрагьим аварагас КагIба баялда ва ЯгIкъубица Байтул-мукъадас баялда гьоркьоб кIикъого сон бугин абуна цо г1алимзабаца.

أَمْ كُنتُمْ شُهَدَآءَ إِذْ حَضَرَ يَعْقُوبَ ٱلْمَوْتُ إِذْ قَالَ لِبَنِيهِ مَا تَعْبُدُونَ مِنۢ بَعْدِى قَالُوا۟ نَعْبُدُ إِلَٰهَكَ وَإِلَٰهَ ءَابَآئِكَ إِبْرَٰهِـۧمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ إِلَٰهًا وَٰحِدًا وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ﴿١٣٣﴾

**133. Нуж ЯгIкъуб** عليه السلام **аварагасда аскIорищ рукIарал я гьал мушрикал ва капурал, гьев ЯгIкъуб хвалда гIагарлъун, гьес лъималазда васият гьабулеб мехалъ.**

Ай нуж гьенир рукIинчIо, амма нужеда гьеб хабар хIакъаб букIин лъала аврагзабаз бицун бачIараб бугелъул. **Гьев ЯгIкъубица жиндир васазда абуна: нужеца щиб жоялъе лагълъи гьабизе бугеб дун хун хадуб абун.** Васаз абуна: **нижеца лагълъи гьабизе буго дур ва дур умумузул Аллагьасе** جل جلاله**: Ибрагьимица, ИсмагIилица, Исх1акъица жиндие лагълъи гьабурав цохIо Аллагь** جل جلاله **вуго гьев, жиндие шарик гьечIев ва ниж гьев Аллагьасе мутIигIал руго»-абун.**

Гьаб васият гьабиялдаса ва нилъеда гьаб лъазабиялдасаги мурад буго, киналго аварагзаби Аллагь جل جلاله цо гьавулел рукIин, киназулго дин ислам букIин ва цохIо Аллагьасе гурого, цоги батIияб жо гьоркьоб ккун, дин гьабизе бегьулареблъи лъазаби. Дин абураб рагIиги ислам абураб рагIиги цого магIна буго: гьаб кIиябго рагIиялъул магIнаги мукIурлъун, мутIигIлъун, нахърилълъин буго ва Аллагьасул جل جلاله кинабго амру-нагью тIубазаби буго.

Масала: дун бусурманчи вуго абураб рагIиялъ щибго мунфагIат гьабуларо, гьес исламалъул ахIкамал тIуразарулел гьечIони. Дун Аллагьасул диналда вуго, яги гьесие дин гьабулев вугин абураб мехалъ, гьев чи вукIине ккола киналго Аллагьасул тIадкъаял тIуралев, как-к1ал, закат-хIажги гьабулев. Аллагьасул дин ц1унулев ва гьелъул тушбабазда вагъулев. Ракьалда тIад цохIо Аллагьасе جل جلاله гурони мутIигIлъи, лагълъи бегьуларелъул, гьебги Аллагьасул амру бугелъул, исламияб дин ракьалда бук1иялъе яхI бахъиги Аллагьасе гьабулеб диналъул бищун кIудияб рукну (бутIа) буго.

Дин абураб раг1иялъ х1акъаб бугониги бат1улаб бугониги цо жоялъе мут1иг1лъи, гьелда нахърилълъин баян гьабула. Х1акъаб дин абураб мехалъ гьеб дин Аллагь جل جلاله цо гьави ва гьесие лагълъи гьаби

бук1уна.

تِلْكَ أُمَّةٌ قَدْ خَلَتْ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَلَكُم مَّا كَسَبْتُمْ وَلَا تُسْأَلُونَ عَمَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ١٣٤

**134. Гьеб уммат**: Ибрагьим авараг ва гьесул наслуялъул аварагзаби ва муъминзаби, **жал церехун арал лъикIаб уммат буго:** нилъее нахъ рилълъиналъе мисаллъунги руго. **Гьез гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири гьезие букIине буго. Ва нужеца гьабураб лъикIаб гIамалалъул кириги** ва квешаб г1амалалъул жазаъги **нужее букIине буго. Ва нужеда гьикъизе гьечIо ахираталда доз гьабураб гIамалалдаса.** Гьединго доздаги гьикъизе гьечIо нужер гIамалалдаса. Ахираталда Аллагьасда ццере чIолеб къоялъ щибаб напсалъ жиндир жаваб кьезе буго.

وَقَالُوا كُونُوا هُودًا أَوْ نَصَارَىٰ تَهْتَدُوا قُلْ بَلْ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ١٣٥

**135.** Гьаб аят рештIизабиялъе сабаб бицана: ягьудиязул ГIабдуллагь абулев чияс аварагасда ﷺ абуна: «ХIакъаб тIоритIел ва хIакъаб дин гьечIо нижеца гьабулеб дин гурони. Мун нижеда нахъ вилълъани мун витIун ккезе вуго»-абун. Гьадинабго жо абуна насраниязги. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**Гьез абулеб буго: нуж ягьудиязул яги насраниязул диналда рукIа, нуж ритIун ккезе ругин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: ниж руго Ибрагьимил миллаталда ругел; ритIун чIарал, цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гурого лагълъиги гьабуларел,** киналго аваргзабазда иманги лъолел. **Ва гьев Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг жинца ширк гьабулевлъунги вукIинчIо,** жидеца ширк гьабулезда гьоркьоса нахъеги ана. Нуж, я ягьудиял ва насраниял, гьев Ибрагьимил диналда гьечIо, нужеца гьабулеб жоги батIулаб дин буго.

قُولُوا آمَنَّا بِاللَّهِ وَمَا أُنزِلَ إِلَيْنَا وَمَا أُنزِلَ إِلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْمَاعِيلَ وَإِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَمَا أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَا أُوتِيَ النَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِّنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ ١٣٦

**136. Нужеца китабиязда ва мушриказда абе, я гьал МухIаммад аварагасда иман лъурал гIадамал: «Нижеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъуна ва нижеда рештIизабураб Къуръаналдаги иман лъуна. Гьединго нижеца иман лъуна Ибарагьимида, ИсмагIилида, ИсхIакъида, ЯгIкъубида ва гьесул лъималазул лъималаздаги рештIизарурал т1ахьазда»-абун.**
Ибнукасирица абуна: ЯгIкъуб عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул анцIила кIиго вас вукIана. Гьезие лъималги гьаруна ва гьеб щибаб къокъаялда «сибтI»

абуна. Г1адамазда жаниб анцIила кIиго батIияб умматги (сибтIги) лъугьана абун.

**«Ва Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагсухъе кьураб Тавраталдаги, ва ГIиса аврагасухъе кьураб Инжилдаги иман лъуна. Гьал гурелги цогидал аваргзабахъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бачIанщинаб жоялда нижеца иман лъуна, гьезул цонигиясда гьоркьоб батIалъиги гьабуларо»-абун.**

Гьел киналго руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидеда божилъи гьабурал, халкъалде дин малъизе ритIарал гIадамал. **Ва Нижги гьев Аллагьасе мутIигIал, гьесул амруялда нахърилълъарал,** гьесул аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ нухдаса хьвадулел руго. Гьел ягьудиял ва насраниял гIадин Аллагьасул диналдаса бугеб цо жо ритIухъ гьабулел, цогидаб жо гьереси гьабулел, гьелда инкар кколел гьечIо ниж.

فَإِنْ ءَامَنُوا۟ بِمِثْلِ مَآ ءَامَنتُم بِهِۦ فَقَدِ ٱهْتَدَوا۟ ۖ وَّإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّمَا هُمْ فِى شِقَاقٍ ۖ فَسَيَكْفِيكَهُمُ ٱللَّهُ ۚ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿١٣٧﴾

**137. Гьаб нужеца лъураб хIалалъ иманги лъуни, ва нужгогIадин Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кинабго амруялда нахъги рилъани, гьел китабиял ва мушрикал битIараб нухда жал тIоритIарал рукIуна. Гьедин иман лъеялдаса руссун, чIухIун чIани,** гьел гIадамал хIакъаб жо къваригIарал чагIи гуро, **гьел руго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дудехун тушманлъи квей ва дургун дагIба бокьарал гIадамал.**

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун гьезул квешлъиялдаса цIунизе вуго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва дуе гьес гIейи гьабизе буго.** Ай Аллагь вуго дуе кумек гьабулев ва квербакъулев. **ХIакълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда хIакъаб жо рагIулев,** жинца гьеб къабул гьабулев вуго. **Жинда кинавго чиясул хьвади, гIамал-хасият лъалев вуго** ва щивасе гьесул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизесевги вуго.

صِبْغَةَ ٱللَّهِ ۖ وَمَنْ أَحْسَنُ مِنَ ٱللَّهِ صِبْغَةً ۖ وَنَحْنُ لَهُۥ عَٰبِدُونَ ﴿١٣٨﴾

138. Гьаб ниж жинда ругеб исламияб дин буго **Аллагьас нижер чорхолъ бессараб, нижер сипатлъун гьабураб дин. ТIадегIанав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго бищунго лъикIав жиндир лагъзадерие лъикIаб, мустахIикъаб жо гьезул сипатлъун гьабизе. Ва ниж гьев Аллагьасе гIибадат гьабулел руго**, гьев гуреб цоги жоялъе гIибадат гьабулел гьечIо.

قُلْ أَتُحَآجُّونَنَا فِى ٱللَّهِ وَهُوَ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ وَلَنَآ أَعْمَٰلُنَا وَلَكُمْ أَعْمَٰلُكُمْ وَنَحْنُ لَهُۥ مُخْلِصُونَ ﴿١٣٩﴾

**139. Дуца китабиязда абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: нуж нижее хIужа-далил бачун кIалъалелищ ругел БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ:** нуж ругин

Аллагьасе ﷻ рокьулел, цогидал гьечIин абун. Нуж Аллагьасул лъимал ругин, аварагзаби нужедаса ругин, цогидаздаса гьечIин абун. **ТIадегIанав Аллагь ﷻ нужерги нижерги БетIергьан вукIингун цадахъ ва нилъ киналго гьесул лагъзалги рукIун.**
**Ва нижеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нижее буго, нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нужее буго. Ва амма ниж руго гьев Аллагьасе бацIцIадаб дин гьабулел:** гьесул аварагзаби ритIухъ гьарун ва гьев Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьабичIого.
Нижее гьев Аллагь ﷻ вокьиялъулъ ва гьесие мутIигIлъиялъулъ нижер ихлас буго (ракI бацIцIалъи, хиянат гьечIолъи). Нижеца Аллагьасде щибго жо гIахьал гьабуларо гьесие гIибадат гьабиялъулъ. Нижеда гьев Аллагь нижер Халикъ ва Разикъ вукIин якъинго лъала ва гьелда рекъараб гIамалги гьабула.
ИбнухатIибица абуна: гьаб дунял кинабго бецIлъи буго, гIелмуялъул нур хутIизегIан. Гьеб гIелмуги гIадада хвараб жо буго, жинда гIамал гьабураб хутIизегIан. Гьеб гIамалги кинабго гIадада холеб буго, жиндилъ ихлас бугеб гIамал хутIизегIан. Гьеб ихласги мацIалдалъун букIуларо. Гьеб ихлас щола Аллагьасе гIибадат гIемер гьабиялдалъун ва даимго гьев ракIалда чIезавиялдалъун-абун.

أَمْ تَقُولُونَ إِنَّ إِبْرَٰهِـۧمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ وَيَعْقُوبَ وَٱلْأَسْبَاطَ كَانُوا۟ هُودًا أَوْ نَصَٰرَىٰ ۗ قُلْ ءَأَنتُمْ أَعْلَمُ أَمِ ٱللَّهُ ۗ وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن كَتَمَ شَهَٰدَةً عِندَهُۥ مِنَ ٱللَّهِ ۗ وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿١٤٠﴾

**140. Яги нужецайщ абулеб, я гьаб китабияб агьло: хIакълъунго Ибрагьим, ИсмагIил, ИсхIакъ, ЯгIкъуб ва гьезул лъималги ягьудиял рукIанин абун, яги насраниял рукIанин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нужищ ругел хIакъикъат лъалел яги Аллагьищ ﷻ вугев гьеб хIакъикъат лъалев?»- абун.**

Аллагьас абун буго гурищ гьел аварагзаби исламияб диналда рукIанин ва гьел ягьудиял яги насраниял рукIичIин абун. **Жиндир зулмо цIикIкIарав щивха вукIунев жиндие хIакълъунго лъалеб, жидеца цIалулеб тIехьалда бугеб Аллагьасул рахъалъан бугеб нугIлъи бахчулездаса?** ГьечIо гьездаса зулмо цIикIкIарал гIадамал.
Китабияз бахчана Инжил-Тавраталда МухIаммад ﷺ авараг вачIиналдалъун бицунеб рохел, ва гьез бахчулеб буго Ибрагьим عليه السلام ва цогидалги аварагзаби исламияб диналдалъун рачIарал рукIин, ва жегиги гьел ягьудиял, насраниял рукIанин абун гьересиги бицунеб буго.
**Ва амма ТIадегIанав Аллагь ﷻ гьапулав гьечIо гьеб квешаб къавмалъ гьабулеб гIамалалдаса.** Кинабго гьезул гIамал бихьулеб

ва лъалеб буго Аллагьасда, ва гьезие жидер г1амалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

141. **Доб цебе бицен гьабураб Ибрагьим авраrасул ва гьесул лъималазул умматал гьез гьабураб гIамалгун цадахъ жал цере арал руго. Гьел умматазе бук1ине буго жидеца гьабураб гIамалалъул жазаъ ва нужееги бук1ине буго нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ. Ва нужеда гьикъизе гьечIо доз щиб гIамал гьабураб абун,** ва гьездаги гьикъизе гьечIо нужеца гьабураб гIамалалдаса.

تِلْكَ أُمَّةٌ قَدْ خَلَتْ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَلَكُم مَّا كَسَبْتُمْ وَلَا تُسْـَٔلُونَ عَمَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٤١﴾

142. **Г1адамазул жидер лъай дагьал, гIакъло загIипаз абизе буго: «Гьев МухIаммадги** ﷺ**, гьесул асхIабзабиги** رضي الله عنهم **жидер къиблаялдаса руссинарураб жо щиб бугеб?** Киналго аварагзабазул къиблалъун жиб букIараб Байтул мукъадасалдаса щиб жоялъ гьел цоги рахъалде руссинарураб?»- **абун. Дуца абе МухIаммад** ﷺ**, «Бакъ баккул рахъги ва бакъ т1ерхьул рахъги Аллагьасе** جل جلاله **буго, гьев Аллагьас жиндие бокьарав чи битIараб нухда тIовитIула,** ниж кинаб рахъалдехун руссаниги БетIергьан Аллагьасе нижер гIибадат бихьула ва лъала»- абун.

۞ سَيَقُولُ السُّفَهَاءُ مِنَ النَّاسِ مَا وَلَّاهُمْ عَن قِبْلَتِهِمُ الَّتِي كَانُوا عَلَيْهَا ۚ قُل لِّلَّهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ ۚ يَهْدِي مَن يَشَاءُ إِلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿١٤٢﴾

Мадинаялде щун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас ва асхIабзабаз رضي الله عنهم цо лъагIелги бащадабгигIан заманалъ (16-17 моцI) как балеб букIана Байтул-мукъадасалде руссун. Хирияв авараг ﷺ жиндир хьуллъун, жиндие бокьун вукIунаан Маккаялдехун вуссун как базе: гьениб бугелъул бищун цебесеб ва бищун хирияб Аллагьасул рукъ-кагIба.

ТIадегIанав Аллагьас جل جلاله гьезда кагIбаялде руссун бай как абилелде ццебе рещтIараб буго гьаб аят, къибла хисизабураб мехалъ ах1макъал, мунапикъал чаг1аз абизе бугеб жо бицун ва гьезие кьезе кколеб жавабги бицун. Гьабги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул муг1жизат буго, гьалда жаниб хадуб бук1унеб жо бицун бугелъул.

143. Дица нуж х1акъаб динулисламалда т1орит1арал г1адинго, я гьал Мух1аммадида ﷺ ва Къуръаналда иман лъурал муъминзаби, **нуж лъик1аб, мисалияб умматлъунги гьаруна, къиямасеб**

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَاكُمْ أُمَّةً وَسَطًا لِّتَكُونُوا شُهَدَاءَ عَلَى النَّاسِ وَيَكُونَ الرَّسُولُ عَلَيْكُمْ شَهِيدًا ۗ وَمَا جَعَلْنَا الْقِبْلَةَ الَّتِي كُنتَ عَلَيْهَا إِلَّا لِنَعْلَمَ مَن يَتَّبِعُ الرَّسُولَ

مِمَّن يَنقَلِبُ عَلَىٰ عَقِبَيۡهِۚ وَإِن كَانَتۡ
لَكَبِيرَةً إِلَّا عَلَى ٱلَّذِينَ هَدَى ٱللَّهُۗ وَمَا كَانَ
ٱللَّهُ لِيُضِيعَ إِيمَٰنَكُمۡۚ إِنَّ ٱللَّهَ
بِٱلنَّاسِ لَرَءُوفٞ رَّحِيمٞ ١٤٣

**къоялъ цогидал умматазул г1адамазе нуг1заллъун рук1изе:** гьезухъе аварагзаби рач1иялъе ва гьезда Аллагь цо гьавун гьесие г1ибадат гьабеян абиялъеги. Нуж гьезие нуг1заллъун рук1ула нужеца иман лъун бугелъул киналго аварагзабазда.

**Гьединго нужер авараг Мух1аммад ﷺ нужее нуг1лъи гьабулев вук1изе вуго нужехъе Къуръанги бац1ц1адаб суннатги щвезабиялъе. Ва дица мун жинда вуссун вук1араб къибла хисиги гьабич1о, дида загьирго лъазегурони унгого иман лъурал, аварагасда нахърилълъулел г1адамал ва жидер иман заг1ипал, мунапикъал г1адамалги:** цо дагьабго сабаб ккарабго дуда г1айб ч1валел ва динги реххун толел. **Гьеб къибла хиси зах1матаб масъалалъунги лъугьана цо къавмалъе. Амма жидер иман камилал Аллагьас жал т1орит1арал муъминзабазе гьеб амруялда нахърилълъин щибго зах1матаб жо бук1инч1о.** Гьез х1икматал ц1ехолел рук1инч1о, щай? Сундуе г1оло? абун суалал кьолел рук1инч1о. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан аварагас ﷺ цо амру бицараб мехалъ щибго шаклъи гьеч1ого гьелда нахърилълъунел рук1ана.

**Т1адег1анев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал г1адамазул иман г1адада хвезабуларо:** ай гьезие мунпаг1ат, маслах1ат гьеч1еб жо гьезда малъуларо: къибла хисана абун церекун рарал какал г1адада холаро. Гьаб раг1и Аллагьас решт1изабиялъе г1илла бук1ана, цо г1адамаз аварагасда ﷺ гьикъи Байтул-мукъадасалда руссун как балел рук1арал ва гьеб х1алалъ хварал г1адамазе щиб бук1изе бугеб абун. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир халкъалда ц1акъ гурх1улев ва жиндир рах1матал г1емерав вуго.**

قَدۡ نَرَىٰ تَقَلُّبَ وَجۡهِكَ فِي ٱلسَّمَآءِۖ فَلَنُوَلِّيَنَّكَ
قِبۡلَةٗ تَرۡضَىٰهَاۚ فَوَلِّ وَجۡهَكَ شَطۡرَ
ٱلۡمَسۡجِدِ ٱلۡحَرَامِۚ وَحَيۡثُ مَا كُنتُمۡ فَوَلُّواْ
وُجُوهَكُمۡ شَطۡرَهُۥۗ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ
ٱلۡكِتَٰبَ لَيَعۡلَمُونَ أَنَّهُ ٱلۡحَقُّ مِن رَّبِّهِمۡۗ
وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ عَمَّا يَعۡمَلُونَ ١٤٤

**144. Х1акълъунго дида бихьана Мух1аммад ﷺ дуца бет1ер эхеде бурхун мун зобалаздахун валагьулев** гьеб къибла Каг1баялде сверизабизе бокьун. **Дица мун воссизавила мун разияб къиблаялда:** Дур к1удияв эмен Ибрагьим аварагасул къиблаялда. **Дуца дур гьумер ва черх буссизабе как базе вахъараб мехалъ, масжидул х1арам (Каг1ба) бугеб рахъалда. Ва**

**нужецаги,** я гьаб Мух1аммад ﷺ аварагасул уммат, **нужер гьурмал Каг1баялдехун руссизаре как балеб мехалъ, кире нуж рогониги.**

**Х1акълъунго жидехъ т1ехь кьурал, гьеб ц1алулел китабиязда лъала гьаб къибла каг1баялдехун сверизаби Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялдалъун бугеб х1акъаб жо бук1ин.** Гьедин лъалеб бугониги гьез г1адамал шакдаризарун, питнаялда ккезарулел руго. **Аллагь гьез гьабулеб жо лъаларев, гьелдаса гъапулав гьеч1о** ва гьезие бук1изе кколеб жазаъ гьабулев вуго.

وَلَئِنْ أَتَيْتَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ بِكُلِّ
ءَايَةٍ مَّا تَبِعُوا۟ قِبْلَتَكَ ۚ وَمَآ أَنتَ بِتَابِعٍ
قِبْلَتَهُمْ ۚ وَمَا بَعْضُهُم بِتَابِعٍ قِبْلَةَ بَعْضٍ ۚ
وَلَئِنِ ٱتَّبَعْتَ أَهْوَآءَهُم مِّنۢ بَعْدِ مَا جَآءَكَ
مِنَ ٱلْعِلْمِ ۙ إِنَّكَ إِذًا لَّمِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٤٥﴾

**145. Бичасх1аги Мух1аммад ﷺ: мун гьеб китабияб агьлуялъухье г1емерал х1ужабиги рачун вач1аниги,** мун жинда вуссараб къибла бит1араб бук1ин ва гьеб Аллагьасул амруядалъун бук1ин бицун, **гьел дур къиблаялда нахърилъуларо. Ва мунги гьеч1о гьезул къиблаялда нихъвилъуневлъун,** Аллагьас дуда Каг1ба рукъалда вуссаян амру гьабун хадуб.

**Гьел китабиялги гьеч1о цоял цоязул къиблаялда нахърилълъунеллъун:** Насраниял ягьудиязул къиблаялда нахърилъунаро ва ягьудиял насраниязул къиблаялда нахърилълъунаро. Жудеда гьоркьоб бугеб тушманлъи ва х1ал хъублъиялъе г1оло, к1иябго къокъа бануисраилазул аварагзабазул уммат бугониги.

**Духье х1акъаб амру бач1ун хадуб** ва Жабраил вит1ун Къуръанги решт1изабун хадув **мун гьел китабиязе бокьараб жоялда нахъвилълъани, х1акълъунго мун вук1уна зулму чаг1аздаса,** дуца к1удияб мунагь гьабун бук1унелъул.

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала аварагﷺ гьезда нахъвилълъунареблъи, гьедин бугониги умматалъе ваг1за-насих1аталъе абуна гьаб раг1и. Ай жиндие хирияв аварагасе Аллагьас х1инкъи кьураб мехалъ дол китабиязда нахъвилълъин, яги гьезда рекъон вук1ин к1удияб мунагь бугин абун, гьаб хит1аб нилъеда гьабураб бук1ин бич1изе ккола, ва нилълъ Аллагьасул тушбаби рокьун, гьелгун рекъон рук1изе бегьуларо.

ٱلَّذِينَ ءَاتَيْنَٰهُمُ ٱلْكِتَٰبَ يَعْرِفُونَهُۥ كَمَا
يَعْرِفُونَ أَبْنَآءَهُمْ ۖ وَإِنَّ فَرِيقًا مِّنْهُمْ
لَيَكْتُمُونَ ٱلْحَقَّ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿١٤٦﴾

**146. Жидехъе т1ехь кьурал китабиязул г1алимазе Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг лъала жидерго лъимал лъалебг1ан лъик1.** Тавраталда

ва Инжилалда гьесул мух1канал сипатал рицун рук1ун. **Гьедин бугониги гьезул цо къокъа х1акъаб жо бахчулел руго, жидеда гьеб лъалебги бук1адго.**

Жудер ханлъи, къадро к1одолъи, жидее бугеб маг1ишатияб кумек т1аса ине бокьич1ого, гьел капурлъулел руго х1акъаб жоялда инкар ккун, жидеда нахърилълъаралги капур гьарулел руго. Гьал руго жидер дарамалъе къарал, ч1орого хут1арал г1адамал: дунялалда бугеб дагьаб рах1ат босарал, ахираталда бук1ине бук1араб алжанги кьун ва жужах1алъе жалги х1акълъарал.

Гьаб аяталда жаниб жинда кант1изе рекъараб к1иго жо буго.

<u>Т1оцебесеб буго</u>: Г1умарасх1абас Г1абдуллагь ибну Саламида رَضِوَٱللَّهُعَنْهُ гьикъана (аварагасда иман лъун гьесда нахъвилълъарав Мадиналъул ягьудиязул г1алим вуго гьав): «Дуда Мух1аммад лъалищ дурго вас лъалеб х1алалъ?»-абун. Г1абдуллагьица абуна: «Жегиги ц1ик1к1ун ва лъик1 лъала дида гьев Мух1аммад صَلَّاَللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ! Зобалазул жинда божулев Жабраил عَلَيْهِٱلسَّلَامُ решт1ана ракьазул жинда божулев Мусада عَلَيْهِٱلسَّلَامُ гьев аварагасул сипатал рицун. Гьездалъун дида гьев лъана ва дун щибго шаклъи гьеч1ого гьев авараг вук1иналда божарав вуго»-абун.

Цинги Г1умар رَضِوَٱللَّهُعَنْهُ асх1абас Г1абдуллагьил رَضِوَٱللَّهُعَنْهُ бет1ералда убач гьабуна.

<u>К1иабилеб буго</u>: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ягьудиязул ва насраниязул г1алимзабазда цоги умматалъул г1адамазда ч1валелдаса ц1ик1к1ун г1айиб ч1валеб буго, гьез х1акъаб жо лъан хадуб гьелда инкар гьабулеб бугелъул ва гьеб бахчулеб бугелъул. Жидеда лъараб г1елму бахчулел киналго г1алимзабазе бугеб х1инкъи кьей буго гьаб. Гьелда т1орит1ел гьабулел аварагасул х1адисалги руго.

ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْمُمْتَرِينَ ﴿١٤٧﴾

**147. Гьаб дуда вах1ю гьабураб жо** диналъул ва къиблаялъул х1акъалъулъ, **Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан бугеб х1акъаб жо буго, мун гьелда шакдарулездаса вук1унге.**

Гьаб хит1аб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьабураб буго, амма гьелдаса мурад гьесул уммат буго. Хирияв авараг صَلَّاَللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ жив шакдарулев вук1уларо, умматалда гьоркьор рук1уна иман заг1ипал, мунапикъал, капурал г1адамал. Гьезда хит1аб гьабулеб буго нуж шакдарулел рук1унгеян абун.

وَلِكُلٍّ وِجْهَةٌ هُوَ مُوَلِّيهَا فَٱسْتَبِقُواْ ٱلْخَيْرَٰتِ أَيْنَ مَا تَكُونُواْ يَأْتِ بِكُمُ ٱللَّهُ جَمِيعًا إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٤٨﴾

**148. Щибаб умматалъе жидер къиблаги жидер аварагги вуго, Аллагьасе г1ибадат гьабизе гьезда нахърилълъунел. Нуж**

**киналго лъик1лъи гъабизе цере кколеллъун рук1а, я гъаб Мух1аммадил ﷺ уммат. Нуж кире ругониги, киг1ан рик1к1адал ракьазда ругониги, Бет1ергьан Аллагьас ﷻ нуж х1исаб- суал гъабизе данде гьаризе руго. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь кинабго жоялда жиндир х1ал к1олев, жиндие бокьараб жо гьабулев вуго.**

وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۖ وَإِنَّهُ لَلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ ۗ
وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿١٤٩﴾

**149. Мун киве сапаралъе унев вугониги, кире нуж щваниги, как балеб мехалъ нужер гьумер ва черх Каг1баялъул рахъалде буссине гьабе. Гьаб къибла сверизе гьабиялъул амро Аллагьасул рахъалъан багеб х1акъаб амро буго. Т1адег1анав Аллагь нужеца гьабулеб жо жинда лъаларев жив гьелдаса гьапулав гьеч1о.**

وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۚ وَحَيْثُ مَا كُنتُمْ فَوَلُّوا
وُجُوهَكُمْ شَطْرَهُ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَيْكُمْ
حُجَّةٌ إِلَّا الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ فَلَا تَخْشَوْهُمْ
وَاخْشَوْنِي وَلِأُتِمَّ نِعْمَتِي عَلَيْكُمْ وَلَعَلَّكُمْ
تَهْتَدُونَ ﴿١٥٠﴾

**150.** Гьанжеги Аллагьас абулеб буго: **Нуж кирехун сапаралъ унел ругониги нужеца как бай масжидул х1арамалъул рахъалда руссун. Кире нуж ч1ун ругониги, гьенибги как бай добго масжидул х1арамалъул рахъалда руссун: г1адамазул нужеда г1айиб ч1ван к1алъазе рес гьеч1ого бук1ине.**

Ягьудияз абич1ого бук1ине нижер диналда даг1баги буго бусурбабазул, нижер къибла масжидул акъсаялда руссун какги балеб буго абун. Маккаялъул ва цогидал мушрикацаги абич1ого бук1ине Мух1аммадица жив Ибрагьимил миллаталдаса вуго абулеб буго, амма гьесул къибла Каг1баялда вуссунев гьеч1о абун.

**Гьел капуразул, мушриказул г1орхъолъа порч1арал,** жидеца цониги жо къабул гьабуларел г1адамал **щиб бицунги нужеда къацандизе руго. Нужеца гьезул к1вар гьабуге ва нуж гьездаса х1инкъуге, дидаса х1инкъа нуж.** Гьаб къибла нужер к1удияв эмен Ибрагьимил къиблалъун бук1араб каг1ба рукъалдехун ссверизе гьаби **нужее дир ниг1матал т1оразе гьари буго** ва дир рахъалъан нужее бугеб хиралъиги буго. **Гьаб амро гьадин бугелъул нуж бит1араб нухда т1орит1ун ккей ва гьелда хьвади мурадги буго.**

Г1алимзабаз абуна: гьаб къиблаялъул бицун т1ат1алаго аятал решт1изаруна, гьеб Къуръаналда жаниб т1оцебесеб насхо бук1иналъ, гьелда г1адамал ругьунлъизе ва мут1иг1лъизе. Насхо абула цо х1укму

хвезабун цоги х1укму решт1иналда.

كَمَآ أَرۡسَلۡنَا فِيكُمۡ رَسُولٗا مِّنكُمۡ يَتۡلُواْ عَلَيۡكُمۡ ءَايَٰتِنَا وَيُزَكِّيكُمۡ وَيُعَلِّمُكُمُ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡحِكۡمَةَ وَيُعَلِّمُكُم مَّا لَمۡ تَكُونُواْ تَعۡلَمُونَ ١٥١

151. Нужее ниг1матал т1оразарун къибла сверизабуна **дица нужедаго гьоркьосан расулги ﷺ вит1аравг1адин, нужее дир Къуръаналъул аятал ц1алулев, нуж купро-ширкалъул чороклъиялдасаги рац1ц1ад гьарулев, нужеда хирияб Къуръаналъул ах1камалги ва бац1ц1адаб суннатги лъазе гьабулев ва жегиги г1емерал, церехун нужеда лъалел рук1инч1ел диналъул ва дунялалъул ах1камал нужеда лъазарулев.**

فَٱذۡكُرُونِيٓ أَذۡكُرۡكُمۡ وَٱشۡكُرُواْ لِي وَلَا تَكۡفُرُونِ ١٥٢

152. Дица нужее гьал к1удиял ниг1матал кьун ругелъул **нужеца дун рехсе** дие т1аг1ат г1ибадат гьабун, дир амро нагью т1убан, **дица нужги рехсела** нужее г1емераб кири гьабун, нужер мунагьал чурун. **Ва нужеца дир ниг1матазе щукро гьабе,** гьел ниг1матал дир рук1ин лъан, гьезда данде рецц гьабун. **Нужеца гьел ниг1матазда инкар ккоге ва нужеца г1асилъабиги гьаруге.**

Жинда Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагас абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь кин дица дуе щукро гьабилеб»-абун. Мусада Бет1ергьан Аллагьас абуна: «Дуца кидаго дун рак1алда ч1езе гьаве, дун рехсе ва дуда дун к1очонге. Дуца дун рехсараб заман дие щукро гьабураб заман буго. Дуда дун к1очараб заман мун дида капурлъараб заман буго- абун.

Аллагьасе щукру гьаби рагIабазда лъун ва гIамалалдалъун букIула. ГIамал цадахъ гьечIел рагIаби Аллагьасул ццим бахъиялда гIагарал рукIула. НигIматазе щукру гьаби буго гьел ниг1матал Аллагь разилъи тIалаб гьабун харж гьари. Сахлъиялъе щукру гьаби буго гьеб Аллагьасе гIибадат гьабиялъе хIалтIизе гьаби. ГIелмуялъе щукру гьаби буго гьелда гIамал гьаби ва гьеб цогидазда малъи. ГIолохъанлъиялъе ва къуваталъе щукру гьаби буго гьеб Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабиялда буссине гьаби ва жидее зулму гьабуразе квер бакъи гьабиялда буссине гьаби. Гьаб мисал буго Аллагьас кьурал киналго нигIматазе щукру гьабиялъул .

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱسۡتَعِينُواْ بِٱلصَّبۡرِ وَٱلصَّلَوٰةِۚ إِنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلصَّٰبِرِينَ ١٥٣

153. **Я гьал иман лъурал г1адамал, нужеца дунялалъул ва ахираталъул умуразулъ сабро гьабиялдалъун ва какал раялдалъун квербакъи т1алаб**

**гьабе. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жудеца сабро гьабулел г1адамалгун цадахъ вуго,** гьезие квербакъулевлъун, гьел ц1унулевлъун, гьел гуч гьарулевлъун вуго.

Сабро гьабураб мехалъ инсан лъик1лъиялде щола, гъалат1 заралалдаса ц1унаравлъун вук1уна. Как баялъги инсан кинабго г1одобег1анаб къабих1аб пишаялдаса нахъе ч1вала.

Сaброги лъабго бат1ияб буго: цо буго Аллагьасда г1асилъич1ого, х1арамаб жо гьабич1ого сабро гьаби. К1иабилеб буго Аллагьасе т1аг1ат г1ибадат гьабиялда т1ад ч1ун сабро гьаби. Лъабабилеб буго цо къварилъи, балагь т1аде щведал сабро гьаби. Аллагьасе г1оло, гьесда мут1иг1лъун, гьесул амроялда нахъ вилълъун сабро гьабурав чи х1исаб гьеч1ого алжаналда ина абунги буго.

**154. Нужеца абуге я гьал муъминзаби, Аллагьасе г1оло гъазават гьабулаго шагьидлъун ккарал г1адамал хун ругин абун, гьел шагьидзаби ч1аго руго, амма нужеда гьеб лъаларо.**

وَلَا تَقُولُوا۟ لِمَن يُقْتَلُ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ أَمْوَٰتٌۢ بَلْ أَحْيَآءٌ وَلَٰكِن لَّا تَشْعُرُونَ ﴿١٥٤﴾

Имам Муслимица бицараб х1адисалда жаниб буго: *«Шагьидзабазул рух1ал г1урччинал х1анч1азда жанир лъун алжаналда жанир жудее бокьаралъул сверулел рук1уна. Гьезул ч1олеб бак1 буго Аллагьасул г1арщалда гьоркь ругел чирхъазда. Гьенир гьел ч1едал Бет1ергьан Аллагьас гьикъула: «Щиб бугеб нужее бокьараб жо» абун гьез абула: Я нижер Бет1ергьан! цогиги щиб нижее бокьилеб, цонигиязе кьеч1еб г1емерал ниг1матал дуца нежее кьунги рук1адго абун. К1иго лъабго нухалъ гьеб суал жудее кьедал ва жаваб гьеч1ого жал толареб лъадал, шагьидзабаз абула: нижее бокьилан гьанжеги дунялалда т1ад руссине ва дур диналъе г1оло рагъун хвезе» абун. Т1адег1анав Аллагьас гьезие жаваб гьабула: «Дир х1укмо буго хун хадур дунялалде т1аде руссунареб»* абун.

**155. Дица нужер х1албихьи гьабила я гьал муъминзаби, дагьабго жоялдалъун: х1инкъиялъул рахъалъан, яги ракъизарун,** яги къечезарун, **яги нужер боц1и т1аса ине гьабун, нужее вокьарав чи хвезавун, нужер пихъал дагь гьарун. Гьаб х1албихьи гьабураб мехалъ жидеца сабро гьабурал г1адамазе дуца к1удияб рохел бице Мух1аммад ﷺ:**

وَلَنَبْلُوَنَّكُم بِشَىْءٍ مِّنَ ٱلْخَوْفِ وَٱلْجُوعِ وَنَقْصٍ مِّنَ ٱلْأَمْوَٰلِ وَٱلْأَنفُسِ وَٱلثَّمَرَٰتِ ۗ وَبَشِّرِ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿١٥٥﴾

ахираталда кири ва алжан бук1ине бугин абун. Гьал къварилъабазда сабро гьабич1ого, гьеб Аллагьасул х1ал бихьи бук1ин лъач1ого

ч1вач1вадарал г1адамазе ахираталда г1азабги бук1ине буго.

**156. Гьел г1адамазда бице рохел, гьезда цо къварилъи щвараб мехалъ жидеца абулел: «Ниж, нижер хъизам боц1игун цадахъ Аллагьасул милк буго, жиндие бокьараб х1укму нижее гьабулев ва жиндие бокьухьин гьеб х1укму т1убазеги гьабулев. Ахираталда ниж киналго гьев Аллагьасде руссине руго** х1исаб мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе»-абун

ٱلَّذِينَ إِذَآ أَصَٰبَتۡهُم مُّصِيبَةٞ قَالُوٓاْ إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّآ إِلَيۡهِ رَٰجِعُونَ ١٥٦

**157. Гьал муъминзаби руго жидеда Аллагьасул ц1об рах1мат бугел ва Аллагьас жал рещцарал. Гьел руго х1акъаб нухда т1орит1аралги.**

أُوْلَٰٓئِكَ عَلَيۡهِمۡ صَلَوَٰتٞ مِّن رَّبِّهِمۡ وَرَحۡمَةٞۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُهۡتَدُونَ ١٥٧

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умарасх1абас абуна: «Дида цониги къварилъи щвеч1о, жинда жаниб лъабго лъик1лъи бук1ун гурони: дир диналъулъ дида къварилъи щвеч1о (гьеб жо лъик1лъи буго), гьеб къварилъи цебеккун щваралдаса к1удияб бук1инч1о (гьабги лъик1лъи буго). Т1адег1анав Аллагьас нилъеда щвараб къварилъиялда данде ц1акъ к1удияб жазаъ гьабулеб буго, гьебги Аллагьасул раг1и буго: (цинги гьаб цебе хъвараб аят ц1алана 157аят).

Жинда Аллагь разилъаяй Умусалматидаса х1адис бицана:*«Цо къоялъ дихъе Абусаламат вач1ана (Умусаламатил рос) ва гьес абуна: Дида Бичасул аварағ абулев раг1ана: Цониги чиясде къварилъи щвараб мехалъ гьес абуни «إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاجِعُونَ» абун, цинги гьаб дуг1аги гьабуни: Я дир Аллагь дуца дун ц1уне гьаб къварилъиялъул квешаб ахиралдаса ва дие гьелдаса лъик1аб жо хисун кье абун. Аллагьас гьесул дуг1а къабул гьабила»* абун.

*Абусаламат хвараб мехалъ дица гьадаб раг1иги абуна ва дуг1аги гьабуна, цинги дида рак1алдаги ккана: гьанже дие Абусаламатидаса лъик1ав щив вук1инев абун. Дир г1идда т1убан хадуб Бичасул аварагас дун жиндие ячине т1алаб гьабуна. Аллагьас дие цеве вук1арасдаса лъик1ав рос кьуна»* абун. Х1адис буго къокъ гьабун хъвараб. Х1адис имам Муслимица бицана

158. Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицун Анас رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ асх1абас абуна: нижеда рак1алде кколеб бук1ана сафа ва марва муг1рузда гьоркьоб хьвади жагьилаб заманалъул жо бугин ва исламалде русун хадуб гьенир

۞إِنَّ ٱلصَّفَا وَٱلۡمَرۡوَةَ مِن شَعَآئِرِ ٱللَّهِۖ فَمَنۡ حَجَّ ٱلۡبَيۡتَ أَوِ ٱعۡتَمَرَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِ أَن يَطَّوَّفَ بِهِمَاۚ وَمَن تَطَوَّعَ خَيۡرٗا فَإِنَّ ٱللَّهَ شَاكِرٌ عَلِيمٌ ١٥٨

хьвадизе бокьун бук1инч1о. Цоги г1узро бук1ана гьеб к1иябго маг1арда мушриказ лъурал хъанчал рук1ин, жидеца гьезда кверал рахъулел, ва гьездаса баракат т1алаб гьабулел. Цинги т1адег1анав Аллагьас гьаб аят решт1изабуна: **Х1акълъунго Сафа ва Марва Аллагьасул диналъул г1аламатаздаса руго, гьелдалъун Аллагьасе г1ибадат гьабулел. Щив чи вугониги жинца Каг1ба рукъалда х1аж гьабун яги г1умра гьабурав, гьев чиясе мунагь, къварилъи гьеч1о гьеб к1иялдаго гьоркьов жив хьвадунилан. Паризаял г1амалал гьарун хаду суннатал г1амалал т1аде ц1ик1к1изаруни, гьесул г1амалалда данде г1емер кири гьабулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ва инсанас гьабулеб кинабго г1амал жинда лъалев вуго,** щивниги чиясе кири мукъсан гьабуларо.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَكۡتُمُونَ مَآ أَنزَلۡنَا مِنَ ٱلۡبَيِّنَٰتِ
وَٱلۡهُدَىٰ مِنۢ بَعۡدِ مَا بَيَّنَّٰهُ لِلنَّاسِ فِي
ٱلۡكِتَٰبِ أُوْلَٰٓئِكَ يَلۡعَنُهُمُ ٱللَّهُ
وَيَلۡعَنُهُمُ ٱللَّٰعِنُونَ ١٥٩

**159. Дица решт1изабураб х1акъаб т1орит1елги, баянал г1аламаталги жидеца рахчулел г1адамал, Дица гьеб жидехъе кьураб т1ехьалда жаниб баян гьабун бук1ун хадуб.** Масала жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул сипатал рахчи, гьев х1акъав авараг вук1иналда т1орит1ел гьабулел. **Гьал г1адамал руго Аллагьас жиндир рах1маталдасан рик1к1ад гьарулел ва малаикзабазги, г1адамазги жал рик1к1ад гьарулел ва жидее наг1ана кьолел;** гьезул къабих1ал пишабазе г1оло. Аварагасул сипатал рахчун, Тавраталъул х1укмаби хвезарун ва цогидалги жидерго дин хвезабулел г1амалал гьарун.

إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُواْ وَأَصۡلَحُواْ وَبَيَّنُواْ فَأُوْلَٰٓئِكَ
أَتُوبُ عَلَيۡهِمۡ وَأَنَا ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ١٦٠

**160. Амма жидеца тавбо гьабун квешаб г1амал тарал, жидер квешаб г1амалги лъик1алда сверизабурал, ва жидеца бахчулеб бук1араб жоги загьир гьабун баян гьабурал,- дица гьезул тавбо къабул гьабула, дун гьезда т1асаги лъугьуна, гьездаги гурх1ула. Дун ц1акъ гурх1улев ва ц1акъ тавбо къабул гьабулев вуго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَمَاتُواْ وَهُمۡ كُفَّارٌ
أُوْلَٰٓئِكَ عَلَيۡهِمۡ لَعۡنَةُ ٱللَّهِ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ وَٱلنَّاسِ
أَجۡمَعِينَ ١٦١

**161. Х1акълъунго** Аллагьасдаги гьесул расулаздаги, гьесул диналдаги инкар ккурал, тавбо гьабич1ого, иман лъеч1ого **купруялда жалги хварал,- гьезда Аллагьасул ццим бахъи буго, киналго малаиказул ва г1адамазулги ццим бахъиги буго. Аллагьас гьел жиндир рах1маталдаса рик1к1ад гьарула,**

**г1адамаз ва малаиказ гьезие лаг1нат ах1ула.** (проклятие наг1ана).

**162. Даимго рук1инелъун жужах1алда лъугьизарула, гьезие щибго г1азабги бигьа гьабуларо, ва гьел жужах1алда къот1изе нахърахъун толаро.** Ай, дунялалдаса рат1алъаралго жал г1азабалъулъ ккола.

خَٰلِدِينَ فِيهَا لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ ٱلْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ ١٦٢

Лаг1нат кьей абураб раг1иялъул маг1на буго квешаб дуг1а гьаби: дуе наг1ана батаги абураб раг1иялъул Аллагьасул ццим бахъаги дуда абураб маг1на гьабизе бегьула. Гьаб раг1и бусурманчиясул к1алдиса къват1иб г1умруялъго бач1ич1ониги гьесда к1ал гьикъи бук1ине гьеч1о ва шарг1алда какараб жо буго лаг1нат кьей. Киниги г1аммаб х1алалъ капуразе ва мушриказе лаг1нат кьей бегьизабун буго: гьез жал рижарав, хьихьулев, хвезарулев Бет1ергьанасда инкар ккун бугелъул ва жалго жидеца лаг1наталъе мустах1икъаллъун гьарун ругелъул. Цо пуланав (жив лъалев) капурчиясеги лаг1нат кьеч1ого лъик1 буго: гьесул ахир кин кколеб Аллагьасда гурони лъаларелъул.

**163.** Х1акълъунго нужеца жиндие лагълъи гьабизе х1акъав **Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо Аллагь вуго,** жинца нуж рижарав, нужее ризкъиги кьолев, жинда релълъарав щивго гьеч1ев жиндир черхалъулъ ва сипаталъулъ ва пишабазулъ. **Жив гурев цоги гьеч1ев вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**: кинабго г1аламалда жив гурх1улев, гьезие ниг1матал кьолев ва дунялалдаги ахираталдаги муъминзабазда жиндир гурх1ел г1емерав.**

وَإِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلرَّحْمَٰنُ ٱلرَّحِيمُ ١٦٣

Авараг ﷺ Мадинаялда вугеб мехалъ гьаб аят решт1изабуна абун раг1идал, Маккаялда ругел Къурайшиязул мушриказ абуна: гьаб кинабго г1аламалъе цо Аллагь кин г1олев абун. Цинги Т1адег1анав Аллагьас гьаб хадуб бугеб аят решт1изабуна Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналда ва гьесул х1ал к1олъиялда т1орит1ел гьабулеб:

**164. Х1акълъунго гьал зобал-ракьал,** гьезда жанир ругел г1ажаибал махлукъалгун цадахъ, **рижиялъулъ ва сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулъги** к1удияб х1икмат буго Аллагь цо вук1иналда ва гьес кинабго жоялъул тадбир гьабулеб бук1иналда т1орит1ел гьабулеб. **Г1адамазе мунпаг1ат бугеб жоялдалъун ралъдада т1ад гумул хьвадиялъулъги:** даран базар гьабизе

إِنَّ فِي خَلْقِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَٱخْتِلَٰفِ ٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ وَٱلْفُلْكِ ٱلَّتِي تَجْرِي فِي ٱلْبَحْرِ بِمَا يَنفَعُ ٱلنَّاسَ وَمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مِن مَّآءٍ فَأَحْيَا بِهِ ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا وَبَثَّ فِيهَا مِن كُلِّ دَآبَّةٍ وَتَصْرِيفِ ٱلرِّيَٰحِ وَٱلسَّحَابِ ٱلْمُسَخَّرِ بَيْنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ لَأَيَٰتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ١٦٤

ва ралъдал ниг1матал росизе,

**Аллагьас ﷻ зодисан ц1ад решт1изабиги, гьелдалъун бакъван, хур- хер гьеч1ого бук1араб ракь ч1аго гьабун,** гьелда т1ад боц1уе, ва г1адамазе хур-хер, пихъал рижизариги буго Аллагьасул ﷻ х1икмат ва г1аламат. **Гьеб ракьалда т1ад г1емерал бат1и-бат1иял рух1 ч1аголъаби т1ирит1изариялъулъги** буго к1удияб х1икмат.

Жидер сипат бат1иял, т1абиг1ат бат1иял, черх бат1иял: киназго гьекъолеб лъимги цогояб бук1ун, кваналеб херги релълъараб бук1ун. **жиндиего бокьухьин гьури хисизабиялъулъги:** г1уж хисизабун, рахъ хисизабун **жиндир амруялда рекъон, квегъун, зобал-ракьазда гьоркьор нак1к1ал хьвадизариялъулъги,-к1удиял г1аламатал руго Аллагь ﷻ цо вук1иналда ва гьесул х1ал к1олъиялда т1орит1ел гьабулел, жудеда жо бич1ч1улел ва г1акъло бугел г1адамазе.**

Гьаб цох1о аяталда жаниб Т1адег1анав Аллагьас ﷻ жиндир махлукъаталъул г1ажаибал жалазул микьго тайпа бицана, гьелдалъун Аллагь цо вук1иналда т1орит1изе ваваг1за-насих1ат босизе.

<u>Т1оцебесеб буго:</u> зобал рижи ва гьезда жаниб бугеб бакъ, моц1, ц1ваби рижи.

<u>К1иабилеб буго:</u> ракь бижи ва гьелда т1ад бугеб ва жаниб бугеб жо бижи: борхатал муг1рул, гъваридал ралъадал, гучал г1орал, герчал рохьал, жавгьар-якъуталъул, г1арац-меседалъул ва цогиги г1емерал маг1данал рижи.

<u>Лъабабилеб буго:</u> сордо-къо цоялъ цояб хиси: цояб халалъун цогидаб къокълъун, цояб гвангъун цогидаб бец1лъун, цояб инсанасе маг1ишат-яшав гьабизе санаг1ат бугеб, цогидаб гьесие рах1аталъе бугеб.

<u>Ункъабилеб буго:</u> ралъадалда т1ад хьвадулел муг1рулг1адал к1удиял гуми: къай-матах1алъ жал ц1урал, жидеца г1адамал ва х1айванал раччулел, цох1о гьуриялъ гьел ццерехун ва нахъехунги рачулел.

<u>Щуабилеб буго:</u> кинабго жо ч1аголъиялъе сабаблъун гьабун бугеб ц1ад: жиндие бокьараб къадаралъ, бокьараб бак1алда Аллагьас ﷻ жиб базабулеб.

<u>Анлъабилеб буго:</u> Аллагьас ракьалда т1ад т1ирит1изарун ругел г1емер бат1и-бат1иял х1айванал ва г1адамал: жидер кьер, сурат, т1абиг1ат бат1и-бат1иял, г1ажаибал гьунарал жидер чурхдузул ругел.

<u>Анкьабилеб буго:</u> гьури хьвадизаби. Гьеб гьури жиб берда бихьулареб гьава бук1ингун цадахъ ц1акъ жиндир гуч бергьараб жо буго. Гьелъ муг1рулги риххизарула, гъвет1-херги кьолболъан бахъула, мина-милкги ч1унтизабула, ралъадги багъаризабула. Гьеб гьури дунялалда ч1аголъи бук1иналъе чара гьеч1еб сабабги буго: цох1о лах1заталъ гьури ч1ч1ани

рух1 бугеб щинаб жо хвезе бегьула, кинабго жо мах1цизеги бегьула.
<u>Микьабилеб буго:</u> жинда жаниб г1емер лъим бугел нак1к1ал. Щибго жоялъ кквеч1ого зоб-ракьалда гьоркьор ч1ч1ун рук1унел, гьездаса чваххараб лъималъ к1к1алал ц1езарулеб.
Жив цогояв Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жив вац1ц1адав, жиндир гуч бергьарав вуго. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1ин лъазе гьал рехсарал ва цогиги г1емерал г1аламатал рук1аниги, гьесда иман лъоларел, гьевгун цадахъ цоги алагьзаби кколел мушриказул бицун, Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

**165. Г1адамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун, жидее лагълъи гьабизе алагьзабилъун хъанчал ва г1адамал кколел. Муъминзабазе Аллагь вокьулев г1адин жидее гьел рокьулел ва гьезие лагълъи гьабулел. Кинниги жидеца цох1о Аллагьасе г1ибадат гьабулел, гьесда иман лъурал г1адамал жидее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьин цик1к1арал руго гьел мушриказдаса.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَتَّخِذُ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَندَادًا
يُحِبُّونَهُمْ كَحُبِّ ٱللَّهِ ۖ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَشَدُّ
حُبًّا لِّلَّهِ ۗ وَلَوْ يَرَى ٱلَّذِينَ ظَلَمُوٓا۟ إِذْ
يَرَوْنَ ٱلْعَذَابَ أَنَّ ٱلْقُوَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا
وَأَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعَذَابِ ﴿١٦٥﴾

**Гьал купру-ширкалдалъун жидер напсазе зулмо гьабулел г1адамазда лъалебани кинабго къуват ва къудрат Аллагьасда кодоб бук1ин ва ахираталда жидее гьабулеб г1азаб ц1акъ гучаб бук1инги, гьезда лъалаан кинаб къварилъи ва зах1матлъи гьез жидерго напсазе гьабизехьин бугебали.**

**166.** Щиб къо бугеб гьеб ахираталда х1исаб мизан гьабулеб къо, ва кин гьенир г1адамал рук1унеб бицун Аллагьас абулеб буго:
**Дунялалда жал церехьабилъун рук1арал, жедеда хадур г1адамалги рилълъарал ва жидеца гьел къосинеги гьарурал г1адамаз инкар ккола жал нахърилълъун рук1арал г1адамаздаса. Гьел киназдаго бихьула Аллагьасул гучаб г1азаб ва гьеб г1азаб бихьидалго щивав жиндир напсалда машгъуллъун цо-цаздаса руссула, ва гьезда гьоркьор рук1арал бухьеналги къот1ун ккола.**

إِذْ تَبَرَّأَ ٱلَّذِينَ ٱتُّبِعُوا۟ مِنَ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوا۟
وَرَأَوُا۟ ٱلْعَذَابَ وَتَقَطَّعَتْ بِهِمُ
ٱلْأَسْبَابُ ﴿١٦٦﴾

**167. Цинги жал нахърилълъун рук1аразги абула: «Нижее дунялалда т1ад руссине рес бук1арабани, нижецаги инкар кквезе гьел ниж къосизарурал г1адамазда, гьез нижеда инкар ккураб г1адин ва цох1о Аллагьасе лагълъи гьабизе»-абун.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوا۟ لَوْ أَنَّ لَنَا كَرَّةً
فَنَتَبَرَّأَ مِنْهُمْ كَمَا تَبَرَّءُوا۟ مِنَّا ۗ كَذَٰلِكَ
يُرِيهِمُ ٱللَّهُ أَعْمَٰلَهُمْ حَسَرَٰتٍ عَلَيْهِمْ ۖ
وَمَا هُم بِخَٰرِجِينَ مِنَ ٱلنَّارِ ﴿١٦٧﴾

**Гьедин Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ г1адамазда бихьизабула жидер квешал г1амалаздалъун гьезда бач1унеб къварилъи, ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел жужах1алъе х1акъ гьарун, гьенире рехун хадур, къват1ире рахъунелги гьеч1о.**

**168. Я гьал г1адамал! Нужеца гьаб дунялалда ругел ниг1матаздаса кванай, гьел ниг1матал нужее х1алалаллъун рук1ун ва нужер черхалъе ва г1акълуялъе зарал гьабуларелги рук1ун.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ كُلُواْ مِمَّا فِي ٱلۡأَرۡضِ حَلَٰلٗا طَيِّبٗا وَلَا تَتَّبِعُواْ خُطُوَٰتِ ٱلشَّيۡطَٰنِۚ إِنَّهُۥ لَكُمۡ عَدُوّٞ مُّبِينٌ ١٦٨

**Ва нуж нахърилълъунге щайт1аналъул нухазда. Х1акълъунго гьеб щайт1ан нужер х1акъаб, баянаб тушман буго,** гьеб гьедин бук1иналда нуж щибго шаклъуге. Дагьабго г1акъло бугев чиясда гьеб амру балъгоги хут1уларо.

Дунялалда ругел ниг1матал Аллагьас киназего г1ам гьарун ругелъул ва кинавниги чи жиндие ризкъи кьолев, жив хьихьулев вугелъул, Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ киназдаго г1аммаб хит1аб гьабун абулеб буго нужеца ниг1матаздаса кванай абун. Гьел х1алаллъун рук1ун абураб раг1иялъул маг1на буго: Капурчияс ниг1матал кваназе рук1ин загьиралда, нилъеда бихьулеб бак1алда гьесие х1алалал ругеб г1адин. Амма ахираталда гьесие г1азабалъе рук1уна гьел: гьел ниг1матал жиндие кьурав Бет1ергьан лъач1елъул ва гьесие щукруги гьабич1елъул.

Абу гьурайратидаса бицараб кьуч1аб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Я гьал г1адамал! Х1акълъунго Аллагь жив вац1ц1адав (лъик1ав) вуго ва Гьес лъик1аб, бац1ц1адаб жо гурони къабул гьабуларо. Х1акълъунго Аллагьас иман лъурал г1адамаздаги амру гьабуна аварагзабазда гьабураб амру. Т1адег1анав Аллагьас абуна: Я гьал аварагзаби! Нужеца х1алалаб, бац1ц1адаб жо кванай ва лъик1аб г1амалги гьабе_абун. Гьединго Аллагьас абуна: Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца х1алалаб, бац1ц1адаб жо кванай, дица нужее кьураб ризкъиялдаса – абун. Цинги аварагас цо чи рехсана жинцца халатаб сафар гьабулев, Аллагьасде гьарун зодихъе квералги рит1улев: «я дир бет1ергьан, я дир бет1ергьан» -абун, жив х1урул ц1урав, жиндир расги хичарав (ай черх ва рас чурич1ого г1емер заман барав) . гьесул квенги х1арамаб бугев, гьекъолеб жоги х1арамаб бугев, рет1улеб жоги х1арамаб бугев, жинда т1ад х1арамаб жоялдалъун гьанги рек1арав. Гьадинав чиясе Аллагьас жаваб кинха гьабилеб!?абун».*

**169. Х1акълъунго гьеб щайт1аналъ нужеда амру гьабула кинабго квешаб, къабих1аб жоялдалъун, ва гьелъ нуж**

إِنَّمَا يَأۡمُرُكُم بِٱلسُّوٓءِ وَٱلۡفَحۡشَآءِ وَأَن تَقُولُواْ عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ١٦٩

**Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1акъалъулъ нужедаго лъалареб жо бицизе т1амула.**

Гьединаб макро ц1ик1араб щайт1аналда нуж мут1иг1лъуге. Аллагьасда унго-унго, камилаб иман лъурав чи щайт1аналъе мут1иг1 гьавизе к1оларо: гьелъие далил къуръаналъул аят буго:

Гьеб иблисалъ абуна: «Дица дур к1одолъиялдалъун гьа гьедулеб буго кинабго Адамил насло къосизабилин абун, дуе т1аг1ат-г1ибадат бац1адал лагъзал хут1изег1ан» (сурату ссвад 82.83).

وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱتَّبِعُوا۟ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ قَالُوا۟ بَلْ
نَتَّبِعُ مَآ أَلْفَيْنَا عَلَيْهِ ءَابَآءَنَآ ۗ أَوَلَوْ كَانَ
ءَابَآؤُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ شَيْـًٔا وَلَا يَهْتَدُونَ ﴿١٧٠﴾

**170. Гьел мушриказда абураб мехалъ нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ решт1изабураб Къуръаналда нахърилълъа абун, гьез абула: ниж нахърилъун руго умумуз гьабулеб батараб жоялда»-абун. Гьезул умумал щибго жо лъаларел ва бит1араб нухда т1орит1ич1ел ругониги, гьезда нахъищ гьал мушрикал рилълъунел?**

Г1ажаибаб жо гьеч1ищха гьадиг1анго ах1макъал г1адамал рук1ин: щибго жидеца гьабулеб г1амал щиб жодай абун ургъуларел? Гьаб заманалъги г1емерал руго гьезда релълъарал г1адамал. Аллагьас инсанасе г1акъло кьун буго лъик1аб-квешаб жо бат1а гьабизе ва, х1айван г1адин цо г1адамаз цеве къот1ун, гьез вачаралъув унев чи, х1айваналъул сипаталда вук1ула.

وَمَثَلُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ كَمَثَلِ ٱلَّذِى يَنْعِقُ
بِمَا لَا يَسْمَعُ إِلَّا دُعَآءً وَنِدَآءً ۚ صُمٌّۢ بُكْمٌ عُمْىٌ
فَهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٧١﴾

**171. Х1акъаб жоялда инкар ккурал капурзабазул мисал буго: гьезда ах1улев, гьел Къуръаналда рачунев чи вук1ула х1айваназда ах1улев вехьасда релълъун: жидеда щибго жо бич1уларел, ах1улеб гьаракь раг1и гуреб.** Т1адег1анав Аллагьасул калам Къуръанги, гьелъул мух1канал, гъваридал х1ужабиги гьел капуразда раг1улел ругониги, гьел рек1елъ риччалел гьеч1о ва жидее гьезул щибго мунпаг1атги гьеч1о. **Гьел х1акъаб жо раг1уларел г1инкъал, бит1араб нух бихьуларел беццал, ва х1акъаб жоялдалъун к1алъазе лъаларел руго ва жидеда х1акъаб жо бич1уларелги руго:** гьеб бич1ч1изе жидеца пикру гьабич1ого ва т1алаб гьабич1ого.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُلُوا۟ مِن طَيِّبَٰتِ
مَا رَزَقْنَٰكُمْ وَٱشْكُرُوا۟ لِلَّهِ إِن كُنتُمْ
إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ﴿١٧٢﴾

**172. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца кванай дица нужее кьураб ризкъиялъул гьуинаб, лазатаб, х1алалаб т1аг1ам. Ва нужеца нужер Бет1ергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ**

**щукруги гьабе** гьел ниг1матал нужее кьурав ва нуж иманалда т1орит1арав, **нужеца гьабулеб г1ибадат цох1о Аллагьасе гьабулеллъун нуж ратани.**

إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةَ وَالدَّمَ وَلَحْمَ الْخِنزِيرِ وَمَا أُهِلَّ بِهِ لِغَيْرِ اللَّهِ فَمَنِ اضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَلَا إِثْمَ عَلَيْهِ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٧٣﴾

**173. Х1акълъунго нужее х1арам гьабуна капурго хвараб жо, биги х1арам гьабуна, болъонил гьанги х1арам гьабуна. Гьединго х1арам гьабуна Аллагьасул ц1аралдалъун гьеч1ого цоги щиб бугониги жоялъул ц1аралда, гьеб к1одо гьабун хъураб жо.** **Х1арамаб сапаралда гьеч1ев,** ц1огьодизе, гъачагълъи гьабизе къват1ив вахъинч1ев, **жиндие кваназе х1алалаб жо щвеч1ого вакъун гьалаглъизе г1агарлъарав чи, гьесие мунагь гьеч1о** жиндир рух1 хвасар гьабизе г1орц1изег1ан гьеч1ого х1арамаб жо кванани. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца мунагьал чурулев ва жив гурх1улев вуго.**

ТIадегIанав Аллагьас бусурбабазе кваназе хIарам гьабураб жоялъул гIемерисеб: би, капурго хвараб жо, болъонил гьан, гьеб инсанасе заралияб жо букIин гIелмуялъ тасдикъ гьабичIониги лъалеб жо буго. Капурго хвараб жо ва би буго жинда жанир гIемерал микробал ругеб, жиндалъун кинабго унти тIибитIулеб жо. Болъонил гьан кванаялдалъун бахулеб загьираб унти буго бакьазда жанир хIапараби (ленточные глисты) лъугьи ва нервабазул унти загьирлъи.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ болъонил гьан хIарам гьабиялда жаниб цогиги хIикмат буго, гьеб болъон цIакъ тIабигIат-гIамал чорокаб, жинца кваналеб жоги чорокаб хIайван букIин. Гьеб чороклъиялдалъун инсанасул черхалъе асар лъугьула ва гьесул ракI къасваталъул цIола. (Къасват буго ракI согIлъи, гьеб хъачIаб залимаб, гурхIел гьечIеб лъугьин). Гьединаб рекIелъ иман лъугьуларо ва гьеб ракI абадиялъ жинца иман лъезеги гIагарлъуларо.

Гьебго магIна буго Аллагьасул цIаралдалъун гьечIого хъанчазул ва цогидаб жоялъул цIар рехсон хъураб жо кваназе хIарамаб букIиналъулги. Чияр боцIи-мал хIарамаб нухалда кваналев чиясул ракIилъ иманалъул нур букIуларо, гьес гьабураб гIибадатги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къабул гьабуларо, гьесул дугIаялъе жавабги кьоларо.

إِنَّ الَّذِينَ يَكْتُمُونَ مَا أَنزَلَ اللَّهُ مِنَ

**174. Ягьудиязул ва насраниязул т1ехь ц1алулел г1адамал, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ**

ٱلۡكِتَٰبِ وَيَشۡتَرُونَ بِهِۦ ثَمَنٗا قَلِيلًا
أُوْلَٰٓئِكَ مَا يَأۡكُلُونَ فِي بُطُونِهِمۡ إِلَّا ٱلنَّارَ
وَلَا يُكَلِّمُهُمُ ٱللَّهُ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ
وَلَا يُزَكِّيهِمۡ وَلَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٌ ١٧٤

**решт1изабураб т1ехьалдаса цо-цо жо бахчулел ва гьеб бичун, гьелъухь ц1акъго дагьаб дунялалъул боц1и босулел: гьез кваналеб, гьезул чехьалда жаниб бугеб жо жужах1алъул ц1а гурони гьеч1о. Гьал г1адамазда къиямасеб къоялъ Аллагь к1алъаларо,** гьезда ццим бахъун гурони, **мунагьаздаса жалги рац1ад гьаруларо ва гьезие жинца унтизабулеб даимаб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ ٱشۡتَرَوُاْ ٱلضَّلَٰلَةَ
بِٱلۡهُدَىٰ وَٱلۡعَذَابَ بِٱلۡمَغۡفِرَةِۚ فَمَآ
أَصۡبَرَهُمۡ عَلَى ٱلنَّارِ ١٧٥

**175. Гьал г1адамал руго жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ т1орит1елги бичун гьелъухь къосин босарал:** иманги бичун купро босарал. **Гьелъул х1асилалда Аллагьасул мунагьал чури ва гурх1елги бичун абадияб г1азаб босарал. Г1ажаибаб жо гьеч1ищха киг1ан сабро к1удиял г1адамал ругел гьал жужах1алъул ц1а х1ехьезе к1олел?** ай к1оларо гьезда жужах1алъул ц1а х1ехьезе, гьел руго ах1макъал г1адамал.

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ نَزَّلَ ٱلۡكِتَٰبَ بِٱلۡحَقِّۗ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ
ٱخۡتَلَفُواْ فِي ٱلۡكِتَٰبِ لَفِي شِقَاقِۢ بَعِيدٖ ١٧٦

**176.** Капуразе ва мушриказе г1азаб щай гьабулеб абуни: **Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вук1иналъе г1оло жинца гьезда т1ехь решт1изабурав (таврат) жинда жаниб х1акъаб жо бугеб.** Цинги гьез х1акъаб жо бахчана ва сверизабуна. **Х1акълъунго гьел г1адамал, т1ехь ц1алулаго гьелъул маг1на гьабиялъулъ жал хилиплъулел, х1акъаб жоялдаса ва бит1араб нухдаса ц1акъ рик1к1ад ругел,** жидее гучаб г1азаб т1адал руго.

۞ لَّيۡسَ ٱلۡبِرَّ أَن تُوَلُّواْ وُجُوهَكُمۡ قِبَلَ
ٱلۡمَشۡرِقِ وَٱلۡمَغۡرِبِ وَلَٰكِنَّ ٱلۡبِرَّ مَنۡ ءَامَنَ
بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ وَٱلۡكِتَٰبِ
وَٱلنَّبِيِّـۧنَ وَءَاتَى ٱلۡمَالَ عَلَىٰ حُبِّهِۦ ذَوِي ٱلۡقُرۡبَىٰ
وَٱلۡيَتَٰمَىٰ وَٱلۡمَسَٰكِينَ وَٱبۡنَ ٱلسَّبِيلِ وَٱلسَّآئِلِينَ
وَفِي ٱلرِّقَابِ وَأَقَامَ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَى ٱلزَّكَوٰةَ
وَٱلۡمُوفُونَ بِعَهۡدِهِمۡ إِذَا عَٰهَدُواْۖ وَٱلصَّٰبِرِينَ
فِي ٱلۡبَأۡسَآءِ وَٱلضَّرَّآءِ وَحِينَ ٱلۡبَأۡسِۗ أُوْلَٰٓئِكَ
ٱلَّذِينَ صَدَقُواْۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُتَّقُونَ ١٧٧

**177.** Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Кинабго лъик1лъи гьеч1о цох1о как баялда жаниб: бакъ баккуда руссун баниги, бакъ т1ерхьуда руссун баниги. Х1акъикъияб ва камилаб лъик1лъи буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва ахир къиямасеб къоялда, малаикзабазда, Аллагьасул т1ахьазда ва аварагзабада иман лъеялда жаниб. Гьебгун цадахъ жидеца боц1иги садакъаде кьолел, гьеб боц1и жидее ц1акъ бокьулеб бук1ингун цадахъ, гьелда х1ажатал г1агарал чаг1азе,**

**хадуб мискин-пакъиразе, эбел-эмен гьеч1ел ятимзабазе, сапаралда ругел х1ажат ккарал г1адамазе, гьарун вач1арав чиясе, лагъ тархъиналъе кумек гьабунги.**
**Ва жидеца х1укъукъал т1убан кинабго паризаяб какги балел, боц1удаса закатги кьолел, цо къот1и гьабураб мехалъ гьеб къот1иги т1убазабулел. Жидеда кинабг1аги къварилъи, зах1малъи т1ад бач1араб мехалъ: пакъирлъи, унти ва цогидабги, ва гъазаваталда рагъизе араб мехалъ саброги гьабулел. гьал т1адехун рицарал сипатал жиделъ ругел муъминзаби руго жидер иманалъулъ рит1ухъал, иман камилал ва Аллагьасдаса жал х1инкъулел муъминзаби.**

**178. Я гьал иман лъурал г1адамал! Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеда къисас** (рец1ел) **боси т1ад гьабулеб буго** жагьилаб заманалъул зулмуял, мекъал г1адаталги жалго тун. **Жинца чи ч1варав къисас босун ч1вала: узденав (х1урияв) чи ч1вала, гьес жинда релълъарав узденчи ч1вараб мехалъ** ва узденай ч1ужуг1адан ч1вараб мехалъ. **Лагъ ч1вала жинца лагъ ч1вараб мехалъ, гьединго узденав чи ч1вараб мехальги. Ч1ужуг1адан ч1вала жинца ч1ужуг1адан ч1вараб мехалъ,** ва бихьинчи ч1вараб мехалъ.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُتِبَ عَلَيۡكُمُ ٱلۡقِصَاصُ
فِي ٱلۡقَتۡلَىۖ ٱلۡحُرُّ بِٱلۡحُرِّ وَٱلۡعَبۡدُ بِٱلۡعَبۡدِ وَٱلۡأُنثَىٰ
بِٱلۡأُنثَىٰۚ فَمَنۡ عُفِيَ لَهُۥ مِنۡ أَخِيهِ شَيۡءٞ فَٱتِّبَاعُۢ
بِٱلۡمَعۡرُوفِ وَأَدَآءٌ إِلَيۡهِ بِإِحۡسَٰنٖۗ ذَٰلِكَ تَخۡفِيفٞ
مِّن رَّبِّكُمۡ وَرَحۡمَةٞۗ فَمَنِ ٱعۡتَدَىٰ بَعۡدَ ذَٰلِكَ
فَلَهُۥ عَذَابٌ أَلِيمٞ ١٧٨

Узденай ч1ужуг1адан лагъасда данде ч1валаро. Жинца ч1варав чи гурони цоги чи къисасалъ ч1вазе бегьуларо ва къисас босулеб мехалъ зулмо гьабизе бегьуларо: къисасалъул маг1на буго, релълъараб жо гьаби абураб. Х1ал к1вараб х1алалъ гьаб релълъинлъи ц1унизе ккола. **Нагагь цо чияс къисас босиялдаса вуссун жиндие дият кье абуни, гьеб дият кьезе ккола шарг1алъ бихьизабураб х1алалъ ва бихьизабураб заманаялъ.** Гьадин дият кьечого нахъе бахъун тезеги бегьуларо, гьалдасанги хехго кье абун жинца дият босулев хадув ч1ун, жидеца кьолезе къварилъи гьабизеги бегьуларо. **Гьеб къисасги тун дият босизе бугеб х1укму Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее гьабулеб бигьалъи буго, ва нужеда бугеб гурх1елги буго:**
Къисас боси Аллагьасул г1адло буго ва гьеб шарг1алда рекъараб х1укму буго. Къисас босилин жинца абун цо чи ч1ч1ани, гьесие щибго мунагь-х1акъги гьеч1о. Амма гьеб къисасалдаса т1аса лъугьун дият боси, гьеб дият босулев чияс жинца чи ч1варасе гьабулеб бигьалъи буго ва гурх1елги буго. Ва гьеб къисас босиги бусурзабазул имамасул

х1укмуялдалъун бук1уна, щайгурелъул щивав чи жиндие бокьухъ къисас босине лъугьани зулму ц1ик1ула ва х1арамал биял т1ола мунагьго гьеч1ел г1адамалги ч1вала. **Цин жив къисас босиялдаса вуссарав чи хадув т1ад вуссун къисас босизе лъугьани, гьев чиясе жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.** Гьев вуго мунапикъав чи, жинца къот1и бихизабулев ва хиянат гьабулев.

**179. Нужее гьеб къисас боси парз гьабиялъулъ ва къисас боси шарг1ияб х1укму бук1иналъулъ ч1аголъи буго, я гьал г1акъло бугел г1адамал!**

وَلَكُمْ فِي الْقِصَاصِ حَيَوٰةٌ يَٰٓأُولِي الْأَلْبَٰبِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٧٩﴾

Цо чиясда лъадалго жинца инсан ч1вараб мехалъ гьесда данде живги ч1валевлъи, гьев чи нахъе къала жиндир вах1щияб, зулмуяб пикруялдаса. Гьелдалъун гьав чияс дов чи ч1вайги тола, досда данде гьав ч1вазе вук1арав, гьавги ч1аго хут1уна. Гьаб буго «Къисас босиялъулъ нужее ч1аголъи буго» – абураб раг1иялъул маг1на.

**Нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1арам гьарурал жалаздаса рик1к1алъун, гьесул ццим бахъи, г1азаб нужеда щвеялдаса х1инкъун ва ц1унун рук1изе бокьун буго Аллагьасе.**

Муса عَلَيْهِ السَّلَام аварагасул умматалъе х1укму бук1ана цо чияс цогидав ч1вараб мехалъ къисас боси, т1ок1аб бат1ияб жо бук1инч1о. Г1иса عَلَيْهِ السَّلَام аварагасул умматалъе бук1ана т1аса лъугьун тей, къисасги бук1инч1о диятги бук1инч1о. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасул умматалъе къисасги, диятги, т1асан лъугьун тейги лъабабго жо цадахъ кьуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Гьаб ц1акъ к1удияб рах1мат буго ва х1икматги буго, бигьалъиги буго.

Аллагьас инсан жиндир т1абиг1ат- г1амал бат1и-бат1иявлъун вижун вугелъул, гьев щивав инсанасе рак1алъ босарб, гьесул иман-г1акъло щвараб бак1алдаса х1укму гьабизе виччана гьаб инсанасул ч1аголъи ва хвелалда хурхараб зах1матаб масъалаялъулъ.

Гьаб бак1алда бицинч1ого г1олареб, г1адамал шарг1алдаса рахъун ругеб амру буго ва ахир заманалъул г1аламатаздаса бугеб цо г1аламат буго щибго г1илла гьеч1ого г1адамал ч1вайги, цояз цоязе зулму х1ал гьаби, напс инжит гьаби ва цогидалги щибго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъич1ого гьарулел мунагьал.

Гьедин шарг1ияб г1иллаго гьеч1ого цо инсанас цогидав ч1вараб мехалъ, яги цо гьалат1 ккун цо чиясдаса цогидав хвараб мехалъ, гьеб масъала шарг1алда борцун т1убазе ккола. Г1емерисеб гьалат1 ккараб хвел гьаб заманаялъ машинабазул авария ккун бук1уна. Кинабниги авария гьалат1 бук1унаро, гьенибги къисас босизе кколел

бак1ал рук1уна. Гьаб бак1 киналго шарг1иял х1укмаби рицунеб бак1 гьеч1елъул, нилъеца гьелъул баян бицинаро.

Къисас босизе ккараб бак1 бугониги, гъалат1 бук1ун дият босизе кколеб бак1 бугониги бусурбабаз г1адат билълъизабун буго жамаг1атго къват1ибги бахъун, цере ц1аларал г1адамал, дибирзабиги гъун, жив ч1варасул г1агарлъиялда т1адги ун гьел г1агарал чаг1и т1аса лъугьизарулеб. Гьеб бак1алда цониги дибир яги ц1аларав чи ургъулев гьеч1о киг1ан к1удияб зулму жинца гьабулеб бугеб абун жив ч1варасул г1агарлъиялъе.

Гьезда бич1ч1уларо сундаса жал т1аса лъугьизе кколеблъи ва щиб бугеб шарг1алда жидее кколеб х1акъ. Дият босизе бугеб ихтиярги бахчун, т1аса лъугьиналъул г1емераб ажру-кириги бицун, жив ч1варасул г1агарлъи мах1рум гьарула шарг1алда рекъон гьезие х1алалго бач1унеб боц1иялдаса. Гьенир рук1ине бегьула жидеда х1алалаб маг1ишат т1алаб гьабизе к1оларел заг1ипал г1адамалги. Гьаб кинабго жо гьоркье тун, нечезарун, х1инкъизарун, гьел г1адамал т1аса лъугьизарула ва гьезие цо дагьаб сайгъатги гьабула.

Жив ч1варасул г1агарлъиялъул ихтияр буго диятaлдасаги т1аса лъугьине жудее гьелда жаниб маслах1ат бугони, гьенир бесдалал, мискинал, пакъирал г1адамалги гьеч1они. Гьезул ихтияр буго дияталъул цо къадар босизе, цогидалдаса т1аса лъугьинеги. Гьел г1агарал чаг1азул т1убанго т1аса лъугьун жинца ч1варав тезе ихтияр бук1уларо жив ч1варасул балугълъич1ел лъимал ругеб мехалъ: гьел ругелъул варисзабиги, гьел ругелъул къисасалъул бет1ергьабиги. Гьаб масъала т1убанго шарг1алъул нухдаса бахъун г1адатияб нухда т1убалел г1адамазда щиб ц1ар лъолеб? гьал кколарищ Аллагьасул х1укмуялдалъун жидеца х1укмо гьабуларел г1адамал?

**180. Нужеда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1ад гьабулеб буго нужер цояв унтун хвалде г1агарлъараб мехалъ ва гьесул боц1и-малги бугони, гьев чияс шарг1алда рекъараб х1алалъ васият гьабе абун жиндир эбел-инсуе, цогидал г1агарал чаг1азеги.**

كُتِبَ عَلَيْكُمْ إِذَا حَضَرَ أَحَدَكُمُ الْمَوْتُ
إِن تَرَكَ خَيْرًا الْوَصِيَّةُ لِلْوَالِدَيْنِ وَالْأَقْرَبِينَ
بِالْمَعْرُوفِ حَقًّا عَلَى الْمُتَّقِينَ ﴿١٨٠﴾

Жиндир боц1иялъул лъабго бут1а гьабун цо бут1а буго гьесие васият гьабизе х1алалаб, цогидаб жо шарг1алда рекъон ирс гьабун бикьизе ккола. Гьеб васиятги бечедазе гьабун мискин-пакъир гьоркьосан вахъун гьабизе бегьуларо. **Гьаб васият гьаби т1адаб буго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарал г1адамазда.**

Исламалъул авалалда бук1араб х1укму буго гьаб, хадуб ирсалъул

аятал решт1изаруна ва васият гьаби т1адаб буго абураб х1укму насхо гьабуна. Кинниги васият гьаби суннатаб буго. Гьеб васиятги сах-саламат вук1адго гьабизе рекъараб буго. васият цох1о боц1иялъулъ гуребги гьабула: жиндир агьлу-хъизаналда васият гьабула Аллагьасдаса х1инкъун т1аг1ат-г1ибадат гьабеян, лъик1алдалъун амруги квешалдаса нагьюги гьабеян. Боц1и-малалъулъ васият гьабун бугони гьесие бокьараб бак1алда хвезабизе ва кьезе рес щола жиндир маг1ишаталъул лъабго бут1аги гьабун цо бут1а. Васият гьабич1ого цо чи хвани гьес нахъе тараб кинабго маг1ишат шарг1ияб ирс гьабун ирсилазе бикьизе ккола.

فَمَنۢ بَدَّلَهُۥ بَعۡدَ مَا سَمِعَهُۥ فَإِنَّمَآ إِثۡمُهُۥ عَلَى
ٱلَّذِينَ يُبَدِّلُونَهُۥٓۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٞ ١٨١

**181. Гьеб васият жиндараг1ун, лъан хадуб жинца хисизабулев чи:** жиндие мунпаг1ат хал гьабун яги цогидазе зарал лъугьине бокьун, **гьелъул мунагь т1аде ккола гьеб хисизабурал г1адамазда:** гьел хиянатчаг1и рук1уна ва шарг1алда хилипал чаг1иги рук1уна. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда лъик1абги квешабги жо раг1улев вуго ва загьирабги бат1инабги жо лъалев вуго.**

فَمَنۡ خَافَ مِن مُّوصٖ جَنَفًا أَوۡ إِثۡمٗا فَأَصۡلَحَ
بَيۡنَهُمۡ فَلَآ إِثۡمَ عَلَيۡهِۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ
رَّحِيمٞ ١٨٢

**182. Цо чи х1инкъани жинда васият гьабурав чияс хиянат гьабилин абун, яги гьев чи хат1аълъун х1акъаб жоялдаса гьет1ила абун, цинги жинца васият гьабулесдаги, жиндие васият гьабулесдаги гьоркьоб маслах1ат гьабун жинца гьезул гъалат1 бит1изабуни,** гьезда шарг1ияб къаг1ида малъун, **гьелдалъун гьесие мунагь бук1уларо,** гьав чи лъик1лъи гьабулевлъун вугелъул.

**Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинца мунагьал чурулев вуго,** хат1алъун, гъапуллъун мунагь гьабурал, хадуб тавбо гьабун лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал г1адамазул. **Жив гурх1улев ва жинца ажру-кири гьабулев вуго**. Г1адамазда гьоркьоб лъик1лъи ва маслах1ат гьабизе хьвадулел г1адамазда гурх1улев ва гьезие жинца кири- ажро гьабулев вуго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُتِبَ عَلَيۡكُمُ
ٱلصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن
قَبۡلِكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تَتَّقُونَ ١٨٣

**183. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеда т1ад к1ал кквейги парз гьабуна, нужеда цере рук1арал умматазда парз гьабураб г1адин, нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъараллъун рук1ине ва ахираталда**

**нужее кири ц1ик1к1изе.**

أَيَّامًا مَّعْدُودَٰتٍ ۚ فَمَن كَانَ مِنكُم
مَّرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ ۚ وَعَلَى
ٱلَّذِينَ يُطِيقُونَهُۥ فِدْيَةٌ طَعَامُ مِسْكِينٍ ۖ
فَمَن تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُۥ ۚ وَأَن تَصُومُوا۟
خَيْرٌ لَّكُمْ ۖ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١٨٤﴾

**184. Рик1к1арал къоял руго нужеца к1ал кквезе парз гьабурал.** Нужеда гурх1ун дагьал къояз к1ал кквей т1ад къан тун руго. **Нужер цоял унтун ругони, яги сапаралда ругони, гьезие ихтияр буго гьел къояз к1ал биччазе ва гьезул бак1алда цоги къояз к1ал кквезе. Гьеб к1ал кквей ц1акъго зах1матлъулел г1дамазе ихтияр буго к1ал биччан тезе ва цо къоялда цебесан цо мискин чиясе т1аг1ам кьезе. Гьаб т1аг1ам ц1ик1к1ун кьурав чиясе гьеб лъик1 буго ва гьесие ажроги ц1ик1к1ун бук1ила. Кинниги к1алги биччан т1аг1ам кьеялдаса, к1ал ккун рук1ин ц1акъ лъик1аб буго,** гьелда жаниб г1емераб кири бугелъул ва Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъи бугелъул, **Гьаб амру гьадин бук1ин нужеда лъалеб батани,** нужеца к1ал кквеялда т1ад ч1ейи гьабе.

Гьаб аяталда жаниб бицараб «рик1к1арал къояз» к1алкквей бук1ана исламалъул байбихьуда. Щибаб моц1алъ лъабго къоялъ к1ал кколаан, хадуб гьаб х1укму насхо гьабун шагьру Рамазаналъ к1ал кквей парз гьабуна. Цоги г1алимзабазул пикро буго «рик1к1арал къояз» к1ал кквей рамазаналъ к1ал кквей бугин, ва гьаб хадуб бугеб аят гьеб баян гьабулеб бугин-абураб.

شَهْرُ رَمَضَانَ ٱلَّذِىٓ أُنزِلَ فِيهِ ٱلْقُرْءَانُ
هُدًى لِّلنَّاسِ وَبَيِّنَٰتٍ مِّنَ ٱلْهُدَىٰ وَٱلْفُرْقَانِ ۚ
فَمَن شَهِدَ مِنكُمُ ٱلشَّهْرَ فَلْيَصُمْهُ ۖ
وَمَن كَانَ مَرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ
أَيَّامٍ أُخَرَ ۗ يُرِيدُ ٱللَّهُ بِكُمُ ٱلْيُسْرَ وَلَا يُرِيدُ
بِكُمُ ٱلْعُسْرَ وَلِتُكْمِلُوا۟ ٱلْعِدَّةَ
وَلِتُكَبِّرُوا۟ ٱللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَىٰكُمْ
وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٨٥﴾

**185. Шагьру Рамазан буго** нужеда к1ал кквезе парз гьабураб моц1, я гьал муъминзаби! **Гьеб моц1 буго жиндилъ хирияб Къуръан Лавх1ул-мах1фузалдаса** (гьаб буго т1адег1анав Аллагьас ﷻ дунял г1алам бижилелдего кинабго бук1инесеб жо жинда жаниб хъвараб т1ехь, хъарщи. Хирияб Къуръанги гьениб хъван бук1ана) **дунялалъул зобалда решт1изабураб. Жинца г1адамал** ва женал **х1акъаб Аллагьасул нухалда т1орит1изе. Жинда жаниб х1алалаб, ва х1арамаб жо баян гьабураб ва х1акъабги бат1улабги жо бат1а гьабун бицараб.**

Халкъ г1ажиз гьарулел аятал жинда жанир ругеб, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел гьесул къуват-къудрат баян гьабулел мух1канал далилалги жинда жанирги ругеб.

**Гьеб Рамазан моц1 бач1араб мехалъ нужер** г1акъилав, балугъав чияс **к1ал кквe! Жив унтун к1ал кквезе к1веч1ев чияс, яги сапаралда вук1ун к1ал биччарав чиясги гьел къоял рец1ун цоги къояз к1ал кквe! Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **кидаго нужее бигьалъи бокьулев вуго. Гьев нужее зах1матлъи бокьулев гьеч1о** ва х1ал к1олареб жо гьаби т1ад къалевги гьеч1о. Рамазаналдаса г1узру бук1ун к1ал биччаров чияс **гьел къоял рец1ун т1убараб рамазан г1езе гьабе. Аллагьас нуж х1акъаб диналда т1орит1ун рук1иналда щукро гьабун, гьев к1одо гьавизе. Ва нужеца даимго Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **щукро гьабизеги гьесул нужее ругел к1удиял ва г1емерал ниг1матазда данде.**

Рамазан моц1алъул хиралъи бицун имам Ах1мадица х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагасда сух1уфал решт1ана Рамазан моц1алъул авалаб сордоялъ. Муса аварагасда таврат решт1ана Рамазаналъул анлъго къо араб мехалъ. Г1иса аварагасда Инжил решт1ана Рамазаналдасан анц1ила лъабго къо араб мехалъ. Къуръан решт1ана рамазаналдасан къолоункъго къо араб мехалъ»*-абун. Х1адис лъик1аб буго.

Гьеб Къуръан цадахъго дунялалда г1агарда бугеб зодобе решт1изабуна, байтулг1изат абулеб бак1алда, Лайлатулкъадриялъул сордоялъ. Хадуб щибаб сабаб ва х1ажалъи бихьун аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ Къуръаналъул аятал ва суратал росун Жабраил عَلَيْهِٱلسَّلَامُ хьвадана.

وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ أُجِيبُ دَعْوَةَ الدَّاعِ إِذَا دَعَانِ فَلْيَسْتَجِيبُوا لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِي لَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ ﴿١٨٦﴾

**186. Дир х1акъалъулъ лагъзадерица гьикъараб мехалъ я Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, дуца гьезда абе:

**Х1акълъунго дун г1агарда вугин:** Щивав чи вихьулев, гьесул гьаракь раг1улев, гьесул рак1алда бач1араб хивал- пикроги лъалев. **Дида дуг1а гьабулев чиясул дуг1аялъе жавабги кьола,** гьев чияс цох1о дида ах1араб мехалъ, ва гьарараб мехалъ. **Дица дугIаялъе жаваб гьабизе бокьарал гIадамаз дир ахIиялъе жаваб гьабун дида иман лъе абе ва дие гIибадатги гьабе абе. Гьедин гьабулел г1адамал бит1араб нухалда рук1ула.**

Гьаб рагIиялдаса бичIулеб буго дугIаялъе жаваб гьабизе ккани гьелъие шартIлъун букIин Аллагьасда иман лъей ва гьев разилъулеб гIамал гьаби.

Аварагас ﷺ абуна: *«Цониги бусурманчияс Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ дуг1а-гьари гьабураб мехалъ, гьеб дуг1аялда жаниб мунагь бугеб, яги г1агарлъиялдаса гурх1ел-рах1мо къот1араб жоги гьеч1они, Аллагьас гьев лагъасе лъабго жоялъул цо кьеч1ого толаро: гьесул дуг1аялъе хеккого жаваб гьабила, яги гьесие ахираталда лъик1лъилъун, хазиналъун гьеб гьабила, яги гьесдаса цо квещлъи- къварилъи нахъч1вала»* абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана кьуч1аблъун.

Ибнукасирица абуна: Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб дуг1а гьабиялъул бицунеб аят, к1ал кквеялъул бицунел аятазда гьоркьоб лъеялда жаниб ишара буго к1ал ккурав чиясул дуг1а къабулаб бук1иналда ва гьес дуг1а г1емер гьабизе бокьиги буго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ дуг1а гьабун цо мурад гьарулеб мехалъ, гьелъул бищунго к1вар бугеб жо буго рак1-рак1алъ божун, Аллагьасда х1елун гьари ва гьес дуг1аялъе жаваб гьабиялда рак1 ч1ун бук1инги.

**187.** К1ал ккурал г1адамазе х1алалаб ва х1арамаб жо бицун Тадег1анав Аллагьас абулеб буго: **нужее х1алал гьабун буго рамазан моц1алъул сардилъ руччабазда аск1ор лъугьине ва гьездаса нужер х1ажат т1убазе. Гьел руччабазул мисал буго нужеда т1ад рет1улеб рет1елалъул, гьединго нужги гьезие т1ад рет1улеб рет1елалда релъун руго:** ай нуж руго цо-цазда рак1 гъурал цояз цоял рахчулел, ц1унулел.
**Х1акълъунго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала нужеца нужерго напсазе хиянат гьабулеб бук1араблъи. Аллагь нужеда т1аса лъугьана ва нужер тавбоги къабул гьабуна.**

أُحِلَّ لَكُمۡ لَيۡلَةَ ٱلصِّيَامِ ٱلرَّفَثُ إِلَىٰ
نِسَآئِكُمۡۚ هُنَّ لِبَاسٞ لَّكُمۡ وَأَنتُمۡ لِبَاسٞ
لَّهُنَّۗ عَلِمَ ٱللَّهُ أَنَّكُمۡ كُنتُمۡ تَخۡتَانُونَ
أَنفُسَكُمۡ فَتَابَ عَلَيۡكُمۡ وَعَفَا عَنكُمۡۖ
فَٱلۡـَٰٔنَ بَٰشِرُوهُنَّ وَٱبۡتَغُواْ مَا كَتَبَ ٱللَّهُ لَكُمۡۚ
وَكُلُواْ وَٱشۡرَبُواْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَكُمُ ٱلۡخَيۡطُ
ٱلۡأَبۡيَضُ مِنَ ٱلۡخَيۡطِ ٱلۡأَسۡوَدِ مِنَ ٱلۡفَجۡرِۖ
ثُمَّ أَتِمُّواْ ٱلصِّيَامَ إِلَى ٱلَّيۡلِۚ وَلَا تُبَٰشِرُوهُنَّ
وَأَنتُمۡ عَٰكِفُونَ فِي ٱلۡمَسَٰجِدِۗ تِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِ
فَلَا تَقۡرَبُوهَاۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ ءَايَٰتِهِۦ لِلنَّاسِ
لَعَلَّهُمۡ يَتَّقُونَ ١٨٧

Гьаб раг1и абиялъе г1илла буго: исламалъул авалалда Рамазан моц1алъ ч1ужуялда аск1ов лъугьун гьелдаса х1ажат т1убай х1арам гьабун бук1ана. Цо-цо асх1абзаби руччабазда аск1ор лъугьун гьезул хиянат кколеб бук1ана. Хадуб гьаб х1арамлъи насхо гьабуна ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

**Гьанже нужее изно буго руччабазда аск1ор лъугьине ва нужее лъимер лъугьин т1алаб гьабизеги. Ва нужеца кванги кванай, лъимги гьекье,** нужее бакъ баккул рахъалъан **ч1ег1ерлъиги нахъе**

**къан рогьалил хъахIаб мохъ биккизегIан. Цинги нужеца кIал ккве** кIал хвезабулеб жоялдасанги цIунун **къаси сордо бачIизегIан. Нуж масжидалда жанир Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тIагIат гьабизе игIтикафалда чIун ругеб мехалъ нужеца руччабаздехун хурхен гьабуге.** Гьаб хIукму къаси бугониги къад бугониги батIалъи гьечIо. ИгIтикафалда вугев чи дунялалъул лазат босулев вукIуларо.

**Гьал тIадехун рицарал масъалаби Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIорхъаби руго, нуж гьел гIорхъаби хвезариялда аскIорго къаге. ТIадегIанав Аллагьас гIадамазе гьадин баян гьаруна жиндир аятал, гьел Аллагьасдаса хIинкъизе бокьун** ва гьесул амру-нагъю тIубан хьвадизе бокьун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*«Лъабго чи вуго жиндир дугIа нахъе чIваларев: жиндир гIадло битIарав имамги, жинца кIал ккурав чиги, гьеб кIал бихизегIан, жиндие зулму гьабурав чиясул дугIаги»*-абун (хIадис къокъ гьабун хъвана) ХIадис имам Тирмизияс лъикIаблъун бицана

Гьаб Рамазан моцIалда жаниб гIибадат гIемер гьабизе лъикIаб буго, гьеб моцIалъ гьабураб гIибадат жинда данде ажро гIемер гьабулеб бугелъул. КIал кколев чи радакь тIаде вахъинги суннатаб буго, цохIо лъим гьекъезе вахъунги. КIалги ккун масжидалда жанив игIтикафалада чIчIейги аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жинда тIад чIчIей гьабулеб букIараб гIамал буго, хасго рамазаналъул ахирисеб анцIго къоялъ. ва кIал беччей хех гьабиги сунатаб буго, Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Дир умат лъикIлъиялда букIине буго гьез кIал беччей хех гьабулеб бугебгIан мехалъ»*абун. ХIадис имам АхIмадица бицана кьучIаблъун.

Рамазан моцIалъ садакъа-хайрат гIемер гьаби, мискин-пакъиразе кумек гьаби, ятимазда гурхIел гьаби жинда тIад чIчIей гьабизе рекъараб лъикIаб гIамал буго. Рамазан моцI муъминчиясе хьараб хур ва барщараб пихъ бакIарулеб заманалда релъун буго: жиндилъ лебаллъи ва хехлъи гьабизе кколеб, дагьавниги тохлъани жиндие щолеб гIемераб лъикIлъи борчIун кколеб. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги лъикIаб гIамал гIемер гьабизе. Амин.

وَلَا تَأْكُلُوٓا۟ أَمْوَٰلَكُم بَيْنَكُم بِٱلْبَٰطِلِ وَتُدْلُوا۟ بِهَآ إِلَى ٱلْحُكَّامِ لِتَأْكُلُوا۟ فَرِيقًا مِّنْ أَمْوَٰلِ ٱلنَّاسِ بِٱلْإِثْمِ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١٨٨﴾

**188. Нужеда гьоркьоб гIахьалго бугеб боцIи кванаге батIулаб, хIарамаб нухалда. Ва нужеца гьеб боцIи хIакимзабазе ришватальеги кьоге гьелдалъун нужеца цо гIадамазул боцIи нужее щвеялда нух бачун, ва гьеб боцIи хIарамаб хIалалъ кваназе бокьун. Гьаб амру гьадин букIин нужеда лъалаги букIадго.**

«Кванаге» абураб раг1и боц1и хвезаби, х1алт1изаби мурадалда буго, кин гьеб боц1и харж гьабуниги.

**189.** Мадинаялъул агьлуялъ аварагасда ﷺ гьикъана гьаб моц1 цин т1ереньлъун, цинги гургинлъун щай бук1унеб ва гьеб бакъ г1адин цох1о х1алалалъ щай бук1унареб абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Дуда гьикъулеб буго Мух1аммад ﷺ моц1алъул х1акъалъулъ. Дуца гьезда абе: гьеб моц1 буго г1адамазе г1ужал лъазе бугеб ва х1ежалъул заман лъазеги бугеб.** Гьелдалъун нужеда к1ал кколеб моц1ги лъала, цогидал г1ужалги лъала.

يَسۡـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلۡأَهِلَّةِۖ قُلۡ هِيَ مَوَٰقِيتُ
لِلنَّاسِ وَٱلۡحَجِّۗ وَلَيۡسَ ٱلۡبِرُّ بِأَن تَأۡتُواْ
ٱلۡبُيُوتَ مِن ظُهُورِهَا وَلَٰكِنَّ ٱلۡبِرَّ مَنِ
ٱتَّقَىٰۗ وَأۡتُواْ ٱلۡبُيُوتَ مِنۡ أَبۡوَٰبِهَاۚ
وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمۡ تُفۡلِحُونَ ١٨٩

Жагьилияб заманалъ Мадинаялъул г1адамаз х1еж бухьараб мехалъ гьел рукъзабахъе лъугьулел рук1инч1о рагьдухъан, гьез т1охдасан яги гордухъан нух гьабулаан рокъоре лъугьизе. Т1адег1анав Аллагьас гьеб жагьилаб х1укму ва г1адат хвезабун абулеб буго:

**Щибго лъик1лъи ва маслих1ат гьеч1о нуж рокъор жанир рукъалъул мугъаб рахъалъан яги гордухъан лъугьиналда жаниб, кинниги лъик1лъи буго нужеца гьабулеб г1амал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, гьесдаса х1инкъун гьабуни. Нуж рокъоре лъугьа рагьдухъан, ва нуж Аллагьасул г1азабалдаса х1инкъа, нужер лъик1лъиялда кверщел батизе буго.**

**190. Ва нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухалда, исламияб дин т1адег1ан гьабизе, рагъ гьабе нужеда рагъулел Аллагьасул тушбабазда. Амма нужеца гьеб рагъ гьабулаго** шарг1алъул **г1орхъи хвезабуге:** руччаби, лъимал ч1ван, х1айванал, ах-хур хвезабун щибго маслах1ат гьеч1ого. **Х1акълъунго Аллагьасе рокьуларо жидеца зулмо гьабулел ва жидеца рагъ бай бихьулел г1адамал.** Гьаб аят рагъул аятал решт1инелда ццебе бук1ана. Цинги гьаб аят насхо гьабуна гьалда хадуб цун бач1араб аятальъ ва «Бараат» сураталъул аятазги.

وَقَٰتِلُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ ٱلَّذِينَ
يُقَٰتِلُونَكُمۡ وَلَا تَعۡتَدُوٓاْۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ
ٱلۡمُعۡتَدِينَ ١٩٠

**191. Нужеца мушрикал ва капурал ч1вай нужеда гьел кире ратаниги:** Макка ва Мадинаялъул х1арамалда рук1а ва х1алалалаб бак1алда рук1а. **Ва нужеца**

وَٱقۡتُلُوهُمۡ حَيۡثُ ثَقِفۡتُمُوهُمۡ وَأَخۡرِجُوهُم مِّنۡ حَيۡثُ
أَخۡرَجُوكُمۡۚ وَٱلۡفِتۡنَةُ أَشَدُّ مِنَ ٱلۡقَتۡلِۚ وَلَا تُقَٰتِلُوهُمۡ
عِندَ ٱلۡمَسۡجِدِ ٱلۡحَرَامِ حَتَّىٰ يُقَٰتِلُوكُمۡ فِيهِۖ فَإِن
قَٰتَلُوكُمۡ فَٱقۡتُلُوهُمۡۗ كَذَٰلِكَ جَزَآءُ ٱلۡكَٰفِرِينَ ١٩١

**гьел жидер ватIаналдаса къватIирги рахъизаре, гьез нуж Маккаялдаса къватIире рахъизарурал гIадин. Гьел капураз ва мушриказ муъминзабазул диналъе гьабулеб питна гучаб буго гьезда Мака хIарамалда рагъ баялъул мунагьалдаса.**

Цоги магIна гьабуна: гьел капуразул купруялъул питна кIудияб буго нужеца гьезда Макка хIарамалда рагъ баялдасаги. **Макка хIарамалда аскIоб нужеца гьезда рагъ бай бихьуге, гьел мушриказ рагъ бай бихьун хадуб гурони. Гьез нужеда рагъ гьабулеб бугони нужеца гьездаги рагъ гьабе. Гьаб буго капурзабазе бугеб жазаъ.**

Гьаб жазаъ аврагасул ﷺ заманалъ рукIарал капурзабазда хасаб гьечIо. Аллагьасул тушбаби муъминзабазул тушбаби рукIула ва гьездахун гьудуллъи ва ракIрекъей букIизе бегьуларо.

**192. Гьел капурал ва мушрикал исламияб динги босун бусурбабазде бугеб тушманлъиялдаса руссараб мехалъ нужеца гьел те. ХIакълъунго ТIадегIнав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца мунагьал рахчулев ва тавбо къабул гьабулев вуго.**

فَإِنِ ٱنتَهَوۡاْ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ١٩٢

**193. Нужеца мушриказда ва капуразда рагъ бай гьезул къуват хвезегIан, гьелги къезегIан ва ракьалдаса купроширк тIагIинегIан. Ракьалда тIад жиб загьираблъун ва бергьараблъун цохIо исламияб дин хутIизегIан.**

وَقَٰتِلُوهُمۡ حَتَّىٰ لَا تَكُونَ فِتۡنَةٞ وَيَكُونَ ٱلدِّينُ لِلَّهِۖ
فَإِنِ ٱنتَهَوۡاْ فَلَا عُدۡوَٰنَ إِلَّا عَلَى ٱلظَّٰلِمِينَ ١٩٣

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб, киналго аваргзаби ритIухъ гьарулеб, киналго Илагьиял тIахьазда иманги лъолеб.

**Гьез купру-ширк тани, бусурбабазда рагъ баялдасаги руссани ва жидерго ракьалда, жидерго рукъзабахъ чIун ругони,- нужеца гьезда тушманлъи гьабуге,** гьезие зулмуги гьабуге. **ХIакълъунго тушманлъи ва тIаде кIанцIун рагъ гьабизе ккола, жидеца зулму гьабулел гIадамазда** ай жидеца бусурбабазул ракьал рахъулел, гьезда тIад Аллагьсул جَلَّ جَلَالُهُ хIукмо-динги хвезабун жидер къанунал лъолездехун.

Гьединал гIадамаздехун кидаго рагъ базе ккола, гьезие мутIигIлъун, гьездаса къун чIезеги бегьуларо ва ракьалда тIад жиб тIадегIанаблъун цохIо Аллагьасул дин букIиналъе къеркьезе ккола.

194. ЛъагIалида жанибункъго моцI букIана ислам бачIиналдего гьезулъ рагъ хIарам гьабурал: гьел моцIазда жанир гIарабиял ва гьелгун цадахъ

ٱلشَّهۡرُ ٱلۡحَرَامُ بِٱلشَّهۡرِ ٱلۡحَرَامِ وَٱلۡحُرُمَٰتُ قِصَاصٞۚ فَمَنِ
ٱعۡتَدَىٰ عَلَيۡكُمۡ فَٱعۡتَدُواْ عَلَيۡهِ بِمِثۡلِ مَا ٱعۡتَدَىٰ
عَلَيۡكُمۡۚ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلۡمُتَّقِينَ ١٩٤

ругел ягьудиял ва цогидалги рагъ гьабич1ого ч1олаан. Ислам бач1ине г1агарлъараб мехалъ ва исаламалъул авалалда мушриказ гьел моц1азулги х1урмат хвезабулеб бук1ана ва гьезие бокьараб мехалъ рагъ х1арам гьабураб моц1алъулъ рагъ гьабун, гьелъул бак1алда хисун цоги моц1 толаан рагъ х1арамаблъун. Гьал моц1алги Мух1арам, Зулкъаг1идат, Зулх1ижат ва Ражаб моц1ал руго. Гьал моц1азулъ мушриказ бусурбабадехун рагъ гьабуни, гьезда данде рагъизе бегьи бицун Аллагьас абулеб буго:

**Рагъ х1арамаб моц1алъ мушриказ рагъ гьабуни нужецаги гьеб моц1алъ гьезда рагъ гьабе ва нужее гьабуралда релълъараб жазаъги гьабе. Аллагьасул х1уруматал** (ай гьес х1арам гьабураб жо) **хвезабурасдаса рец1ел босула. Гьел моц1азда жаниб жидеца нужедахун тушмнлъи гьабурал, нужеда рагъ гьабизе т1аде рач1арал мушриказе ва капуразе гьез нужее гьабуралда релълъараб жазаъ гьабе: гьеб рагъ Макка х1арамалда бугониги цоги х1алалаб бак1алда бугониги щибго бат1алъи гьеч1о. Ва нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъа** гьес изно кьеч1еб жо гьабизе ва гьес рагъ х1арам гьабурал моц1азда жаниб рагъ бай бихьизеги. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндаса х1инкъаралгун цадахъ вуго,** гьезие квер бакьулевлъун ва гьезда гурх1улевлъунги.

**195. Ва нужеца нужер боц1и-мал Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нухалда кье:** гъазаваталда унел г1адамазе ярагъ босе, чуял ва квен-т1ех босе. **Нужеца нужги нужер маг1ишатги г1адада хвараблъун, жиб гьалаглъулеблъун гьабуге:** Аллагьасул нухалда гъазаватги гьабич1ого, гьениб нужер боц1иги кьеч1ого нуж ч1араб мехалъ нужер тушман нужедаса вергьула ва гьес нуж къезарула, нужее зулму гьабун нуж гьалаг гьарула. Ахираталдаги нуж гьалаглъаралльун, г1азабалъе х1акъаллъун рук1ула Аллагьасул диналъе г1оло боц1и кьезеги, напс кьезеги бахиллъараб мехалъ.

وَأَنفِقُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ وَلَا تُلْقُوا۟ بِأَيْدِيكُمْ إِلَى ٱلتَّهْلُكَةِ وَأَحْسِنُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٩٥﴾

Гьаб жо нужеда бич1а **ва нужеца гьабулеб кинабго г1амал Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун гьабе, х1акълъунго Аллагьасе лъик1лъи гьабулел г1адамал рокьула** ва гьел жинда г1агар гьарурал, жинца т1аса рищараздасаги гьарула.

Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жигьадалъул аятазда жаниб г1емер рехсон бук1уна «Аллагьасул нухалда» абураб раг1и. Гъелъул маг1на буго муъминчияс гъазават гьабизе т1адаб бук1ин г1иц1го Аллагь разилъи т1алаб гьабун ва ракьалда т1ад цох1о Аллагьасул

дин бук1инабиялъе г1оло.

Рагъдаса гъанимат (давла) щвезе абун, яги г1адамаз жив бах1арчи вугин абизе бокьун гъазават гьабуни, гьесие гъазаваталъул кири щоларо, ва гьев гьеб рагъда ч1вани шагьидлъунги вук1уларо.

Абуаюб Ансарияс бицараб х1адисалда буго: *«Нужеца Аллагьасул нухалда нафакъа кье ва нужеца нафсал гьалаг гьаруге» абураб аят буго, нижер (ансариязул) х1акъалъулъ решт1изабураб. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *ислам к1одо гьабидал ва гьелъие квер бакъулел г1адамалги г1емерлъидал, нижеца цояз цояздехун абуна: гьанже нилъ рокъорги ч1ун нилъер ах-хур ва маг1ишат рук1алида ккезабун лъик1 бук1инин. Нилъеца г1езег1анго исламалъе кверги бакъанин абун.*

*Цинги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьаб аят решт1изабуна. Гьеб аяталъул маг1наги буго: гъазаватги тун, исламалъе боц1иялдалъун ва напсалдалъун квербакъиги гьабич1ого г1одор ч1ей буго напсал гьалаглъиялде рехи абураб.* Х1адис Тирмизияс бицана ва лъик1аб кьуч1абги бугин абуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абуаюб гъазаваталдаса г1одов ч1еч1о ва Румазул ракьалда шагьидлъун гьенив вукъана.

Цо-цо г1алимзабаз «нужеца напсал гьалаглъиялде рехуге»-абураб аяталъул маг1на гьабула, нуж капурзаби г1емер ругеб мехалъ гьезда данде рагъизе ун напсал гьалаг гьаруге абураб. Гьаб маг1на гьаби бит1араб гьеч1о.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасицаги абуна: гьаб аят рагъул х1акъалъулъ гьеч1о. Гьаб аят буго Аллагьасул нухалда ва цогиги исламалъе ва бусурбабазе мунпаг1ат бугеб бак1алда боц1и напакъаде кьеялъул х1акъалъулъ. Аяталъул маг1на буго: нуж Аллагьасул нухалда боц1и кьезеги бахиллъун нужеца тушман нужедаса къуватав гьавуге ва нуж дунялалъе ва ахираталъе напс гьалаг гьабураллъун рук1унге- абун.

Цоги г1адамал мекъи кколеб бак1 буго, гьаб гъазаваталъул амру хирияв аварагасеги ﷺ, гьесул асх1абзабазеги رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ бук1араб жо бугин, гьаб заманаялъ гъазават гьабизе т1адаб гьеч1ин абураб цо-цо жагьилал чаг1азул раг1и боси ва гьелда г1ейи гьабун щибго Аллагьасул диналъул к1вар гьабич1ого ва гьелъие квербакъи гьабизе ургъич1ого г1одор ч1ей.

Ц1акъ мух1канго Къуръаналъул аятаз абулеб буго: нужеца капурзабазда, ва мушриказда рагъ бай, гьаб ракьалда т1ад Аллагьасул исламияб дин г1амлъизег1ан ва киналго диназдаса бергьун гьеб т1адег1ан бук1инег1ан абун. Жакъа нилъеда бихьулеб буго исламияб дин бергьун гьеч1еблъи ва гьеб дин бергьинег1ан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру нилъеда т1асаги унаро.

«Рагъ бай»-абураб раг1иялъул маг1на буго: х1ал к1варас х1ал к1вараб жоялдалъун Аллагьасул диналъе квербакъи гьабе абураб. Гьаб рагъ бай бук1ула к1ал-мац1алдалъун: г1алимзабаз, имамзабаз халкъалда бич1ч1изабун нилъ Т1адег1анав Аллагьас ﷻ щиб мурадалда рижун ругел, ва щиб жо гьаби нилъеда т1адаб бугеб.

Бечедав чияс боц1и-малалдалъун рагъ бала купру-ширкалда данде: жинца гьеб боц1и Аллагьасул нухалда хвезабун ва диналъе г1оло рагъулел г1адамазе квербакъи гьабун. Жидер сахлъи, къуват, бах1арчилъи бугел г1адамаз гьеб рагъ бала ярагъги босун къват1ире рахъун купру-ширк гьабулел г1адамал исламалде рач1ун мут1иг1лъизег1ан, яги исламалъе зарал гьабич1ого жизят (магъало) кьун жидерго ракьазда гьел ч1езег1ан.

Бищунго зах1матаб х1ал буго бусурбаби капуразул ханлъиялда гъоркь ккараб, ва гьеб ханлъи т1аса рехизе к1оларого ругеб х1ал. Гьал бусурбабазда т1адаб бук1уна цох1о лах1заталъги капуразул ханлъи бокьунгут1и, рак1алъ гьезда мут1иг1лъунгут1и ва щиб х1илла гьабунги гьел капурзабазул зулмуялдаса рорч1изе т1алаб гьаби.

Щибго Аллагьасул ﷻ диналъул к1варги гьабич1ого, капурзабаздаса хвасарлъизе нухги балагьич1ого ч1арал г1адамазул ахир мекъи ккеялда х1инкъи буго. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умарасх1абас дуг1а гьабулеб бук1ана: *«Я Аллагь ﷻ! х1акъаб жо х1акъаблъун бихьизабе ва гьелда нахърилълъине тавпикъги гьабе. Бат1улаб жо бат1улаблъун бихьизабе ва гьелдасан рик1к1алъизе тавфикъги гьабе»- абун.* Нилъецаги гьаб дуг1а гьабила ва Аллагь ﷻ разиял, гьесул диналъе квербакъулел мужагьидазул мухъилъе ккезареги абунги гьарила.

وَأَتِمُّوا۟ ٱلْحَجَّ وَٱلْعُمْرَةَ لِلَّهِ ۚ فَإِنْ أُحْصِرْتُمْ فَمَا
ٱسْتَيْسَرَ مِنَ ٱلْهَدْىِ ۖ وَلَا تَحْلِقُوا۟ رُءُوسَكُمْ حَتَّىٰ يَبْلُغَ
ٱلْهَدْىُ مَحِلَّهُۥ ۚ فَمَن كَانَ مِنكُم مَّرِيضًا أَوْ بِهِۦٓ أَذًى مِّن
رَّأْسِهِۦ فَفِدْيَةٌ مِّن صِيَامٍ أَوْ صَدَقَةٍ أَوْ نُسُكٍ ۚ فَإِذَآ
أَمِنتُمْ فَمَن تَمَتَّعَ بِٱلْعُمْرَةِ إِلَى ٱلْحَجِّ فَمَا ٱسْتَيْسَرَ
مِنَ ٱلْهَدْىِ ۚ فَمَن لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ ثَلَٰثَةِ أَيَّامٍ فِى
ٱلْحَجِّ وَسَبْعَةٍ إِذَا رَجَعْتُمْ ۗ تِلْكَ عَشَرَةٌ كَامِلَةٌ ۗ ذَٰلِكَ
لِمَن لَّمْ يَكُنْ أَهْلُهُۥ حَاضِرِى ٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ ۚ
وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿١٩٦﴾

**196.** Т1адег1анав Аллагьас х1ажалъул ах1камал баян гьарун нилъеда абулеб буго: **Нужеца х1ажги г1умраги шарг1алда рекъон,** гьезул шурут1ал ва арканал т1убан, **Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун т1убазабе.** Х1аж ва г1умра бухьун хадуб шарг1ияб г1илла гьеч1ого гьеб т1убач1ого тей к1удияб мунагь буго.

**Нагагь нуж х1аж гьабиялдаса нахъч1вани,** цо сабабалъе г1оло: унтун, тушманас нух ккун, **нужеца х1аж бичинелда цебе нужер х1алк1вараб гьадию (сайгъат) хъве:** варани бугони

анкьгоясе г1ола, х1айванги анкьгоясе г1ола, чахъу бугони цоясе г1ола. **Ва нужеца х1аж бичун бот1рол рас к1к1ваге,** ва цоги х1аж бухьиналдалъун х1арамлъараб жоги гьабуге, **гьеб гьадю хъун щвезе кколеб бак1алда щун гурони.**

**Нагагь нужер цояв унтун вугони, яги гьесул бет1ералда зарал кколеб жо бугони:** нац1 бан, ругънал рук1ун, ва гьев чияс бет1ерги к1к1вани, **гьасда т1ад г1ак1а буго жиндие х1ал к1вараб жо гьабизе лъабго жоялда гьоркьосан: лъабго къоялъ к1ал кквей, яги анлъго чиясе квен кьей, яги цо чахъу хъвей.**

**Нуж сах-саламат х1ажалдаса нахъч1вач1ого х1аж гьабулеб бак1алда щвараб мехалъ, нужер х1ажги г1умраги цадахъ бухьарав чи вугони, гьес цо чахъу кьела гьадю.** Гьесие х1ажалъул киналго г1амалал гьарураб мехалъ г1умраялъулги кири щола ва гьев г1умра гьабуравлъунги вук1уна цох1о шарт1 т1убани: цо чахъу (гьадю) хъун гьеб садакъаде бикьани.

**Нагагь чахъу хъвезе к1веч1ев чияс лъабго к1ал х1ажалда вук1адго квела, ва анкьго к1ал рокъов щвараб мехалъги квела: гьаб анц1го к1ал буго гьесда т1адаб жо.** Нагагь х1ажалда вук1адго лъабго к1ал квезе к1веч1они рукъов щвараб мехалъ анц1го к1ал квела: лъабго к1ал ккун хадуб гьоркьоб заманги биччала. **Гьаб т1адехун бицараб х1укму буго жив масжидул х1арамалда ask1ов г1умру гьабун гьеч1ев, къват1иса вач1арав чиясе.**

Масжидул х1арамалда аск1ор г1умру гьабулел г1адамазе изно гьеч1о х1ажги г1умраги цадахъ бухьизе ва гьадю кьезе. Гьезда т1адаб буго х1аж бат1аго гьабизе, г1умраги бат1аго гьабизе. **Нужер кинабго г1амалалалъулъ нуж Аллагьасдаса ﷻ х1инкъа ва кинабго г1амал шарг1алда борцун, Аллагь разилъи т1алаб гьабун гьабе. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь ﷻ жиндир амруялда хилиплъун, шарг1ияб нух тун хьвадулел г1адамазе г1акъуба-г1азаб гучав вуго.**

ٱلْحَجُّ أَشْهُرٌ مَّعْلُومَٰتٌ ۚ فَمَن فَرَضَ
فِيهِنَّ ٱلْحَجَّ فَلَا رَفَثَ وَلَا فُسُوقَ
وَلَا جِدَالَ فِى ٱلْحَجِّ ۗ وَمَا تَفْعَلُوا۟ مِنْ
خَيْرٍ يَعْلَمْهُ ٱللَّهُ ۗ وَتَزَوَّدُوا۟ فَإِنَّ خَيْرَ
ٱلزَّادِ ٱلتَّقْوَىٰ ۚ وَٱتَّقُونِ يَٰٓأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿١٩٧﴾

**197. Гьаб париззаяб ва суннатаб х1аж гьабулеб заманаги муг1аянаб, жиб мух1кан гьабураб буго.**

Гьебги Шавал моц1, Зул-къаг1идат моц1 ва Зул-х1ижаялъул авалаб анц1го къо буго. **Гьал моц1азда жаниб жинца х1аж гьабизе ният гьабурав чи,** ва х1аж бухьун, лаббайк бачун гьеб х1ажалъулъ живги лъугьарав, **гьев чиясе х1арамаб буго руччабазда аск1ов**

**къазе ва гъездаса жиндир напсияб х1ажат т1убан мунпаг1ат босизе. Гъединго х1арамаб буго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъулел г1амалал гьаризе, г1адамалгун къецандун, цо-цазде рогьобал ран рук1ине.** Гьав чи Аллагь разилъи т1алаб гьабун вахъун вугелъул, гьасда рекъон бук1уларо чорхол гьава-напсалда нахъвилълъизе ва цогидал г1ассилъулел, пасикълъулел пишаби гьаризе.

**Нужеца щиб лъик1аб г1амал гьабуниги Аллагьасда гьеб лъала,** ва гьелда данде жазаъги гьабула. **Ва нужеца х1ажалда унеб мехалъ цадахъ къвариг1унеб жоги босе:** квен-т1ех, рет1ел, г1арац, ва цогидабги, **Ва нуж г1адамазда гьарулеллъун рук1унге. Ахираталда нужее батизесеб бищун лъик1аб жо буго нужеца цадахъ босараб Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъи. Нуж дидаса х1инкъа ва кинабго г1амал дир амру-нагьюялда рекъон гьабе, я гьал г1акълудал бет1ергьаби.**

Т1адег1анав Аллагьас хит1аб хас гьабуна г1акъло бугел г1адамазда, г1акъло гьеч1ел г1адамаз гьеб хит1абалдаса мунфаг1ат босуларелъул.

**198. Нужее щибго мунагь х1акъ гьеч1о гьеб х1аж гьабулеб мехалъ нужеца дарам гьабун нужее х1ажатаб жо бичун босун гьабиялъулъ:**
Х1ажалъул киналго арканал шурут1ал т1убан х1аж гьабураб мехалъ, гьеб заманалъ дарам-базар гьабунин абун х1аж холаро ва мукъсанлъуларо. **Гьеб буго нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан щвараб ц1об-рах1мат ва лъик1лъи.**

لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن تَبْتَغُوا۟
فَضْلًا مِّن رَّبِّكُمْ ۚ فَإِذَآ أَفَضْتُم مِّنْ
عَرَفَٰتٍ فَٱذْكُرُوا۟ ٱللَّهَ عِندَ ٱلْمَشْعَرِ
ٱلْحَرَامِ ۖ وَٱذْكُرُوهُ كَمَا هَدَىٰكُمْ
وَإِن كُنتُم مِّن قَبْلِهِۦ لَمِنَ ٱلضَّآلِّينَ ﴿١٩٨﴾

**Цинги нуж г1арафа маг1ардаса рехе рач1араб мехалъ сордо бай муздалифаялда ч1ун, машг1арул х1арам абулеб бак1алда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсе ва дуг1а-гьари гьабе,** ва Аллагьасе щукру гьабун гьесул ниг1маталги рехсе. **Гьев Аллагь нужеца г1емер рехсе гьес нуж т1орит1ун ругелъул исламалъул нухда ва нужее тавпикъги гьабун бугелъул х1ажгун г1умра гьабизе. Аллагьас т1орит1илелда цере нуж къосараздаса рук1ана.** Иман-ислам лъаларел шарг1иял ах1камалги лъаларел рук1ана.

**199. Цинги нуж г1арафа маг1ардаса г1одоре рач1а киналго г1адамалгун цадахъ.**
Гьаб раг1и абиялъе г1илла буго: Къурайшиязул г1адамал г1арафа

ثُمَّ أَفِيضُوا۟ مِنْ حَيْثُ أَفَاضَ ٱلنَّاسُ
وَٱسْتَغْفِرُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ
رَّحِيمٌ ﴿١٩٩﴾

маг1ардаго рахич1ого, муздалифаялда рач1ун, гьениса нахъруссун каг1баялда унел рук1ана. Гьеб г1амал бук1ана Къурайшияз гьел халкъалдаса т1ок1ал руго, каг1ба рукъалъул агьлу буго абураб ч1ух1игун гьабулеб. Гьезул ч1ух1и хвезабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда абулеб буго: нуж г1адамал араб бак1алда а, ва гьениса нахъеги русса абун.

**Ва Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал чури т1алаб гьабе. Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев, жив гурх1улев вуго.**

**200. Х1ажалъул киналго г1амалал т1убараб мехалъ нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ г1емер рехсе: жагьилаб заманаялъ умумузул гьунарал рицун, гьел реццун нуж цо-цае ч1ух1улел рук1аралдасаги лъик1 ва г1емар Аллагь рехсе. Г1адамазул цо къокъа буго жидее дунялалъул ч1аголъи бокьарал ва ахираталдаса гьеб цебе гьабулел, жидецаги абулел: «я нижер Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижее дунялалда лъик1лъи кье»- абун. Гьал г1адамал руго ахираталда гьезие щибго лъик1лъи гьеч1ел.**

فَإِذَا قَضَيْتُم مَّنَٰسِكَكُمْ فَٱذْكُرُوا۟ ٱللَّهَ
كَذِكْرِكُمْ ءَابَآءَكُمْ أَوْ أَشَدَّ ذِكْرًا ۗ
فَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَقُولُ رَبَّنَآ ءَاتِنَا فِى
ٱلدُّنْيَا وَمَا لَهُۥ فِى ٱلْءَاخِرَةِ مِنْ خَلَٰقٍ ﴿٢٠٠﴾

**201. Гьел г1адамазул цоги къокъа буго жидеца абулел: «Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Дуца нижее дунялалда лъик1лъи кье, ва ахираталдаги лъик1лъи кье, ва ниж жужах1алъул г1азабалдасаги ц1уне»-абун.**

وَمِنْهُم مَّن يَقُولُ رَبَّنَآ ءَاتِنَا فِى
ٱلدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى ٱلْءَاخِرَةِ حَسَنَةً
وَقِنَا عَذَابَ ٱلنَّارِ ﴿٢٠١﴾

Гьав чи вуго муъминчи ва гьаб къокъабго дуг1аялда жаниб кинабго дунял-ахираталъул лъик1лъи гьари буго.

Дунялалъул лъик1лъаби руго: сахлъи, жиндие г1ураб рукъ ва маг1ишат, жинда мут1иг1ай ч1ужу, иман-г1акъло бугел лъимал, ва цогиги г1емер жо буго гьелда жаниб. Ахираталъул лъик1лъаби руго: рух1 бахъаралдаса х1исаб гьабулеб бак1алде щвезаг1ан х1инкъи гьеч1ого хут1и, цинги х1исаб мизанги бигьаго т1убай, алжаналда жанив лъугьин. Бищунго к1удияб лъик1лъи буго ахираталда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вихьулездаса вук1ин.

**202. Гьал г1адамал руго дунялалда гьабураб лъик1аб г1амалалъул кири ахираталда жидее бугел ва Т1адег1анав**

أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ نَصِيبٌ مِّمَّا كَسَبُوا۟ ۚ
وَٱللَّهُ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٢٠٢﴾

**Аллагь жинца х1исаб ц1акъ хех гьабулев вуго.**
Муъминзабазул х1исаб цох1о бер къалебг1ан заманалда гьабизе к1олев вуго Аллагь, ва гьеб буго нилъер хьул лъолеб бак1. Нагагь х1исаб гьаби халалъани хвасарлъи ц1акъ надираб жо буго, Аллагь гурх1ун, гьес т1аса лъугьун тун гурони.

﴿وَٱذۡكُرُواْ ٱللَّهَ فِيٓ أَيَّامٖ مَّعۡدُودَٰتٖۚ فَمَن
تَعَجَّلَ فِي يَوۡمَيۡنِ فَلَآ إِثۡمَ عَلَيۡهِ وَمَن
تَأَخَّرَ فَلَآ إِثۡمَ عَلَيۡهِۖ لِمَنِ ٱتَّقَىٰۗ وَٱتَّقُواْ
ٱللَّهَ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّكُمۡ إِلَيۡهِ تُحۡشَرُونَ ٢٠٣﴾

**203. Нужеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **рехсе жал рик1к1арал къояз:**
Къурбан къоялъ ва гьелда хадуб лъабго къоялъги. Гьаб буго х1ажизаби минаялда рук1унеб заман ва гьениб Аллагь г1емер рехсейги цогидаб г1ибадат гьабиги бук1уна. **К1иго къоялъ Минаялда ч1ун нахъе рач1аразда мунагь-х1акъ гьеч1о. Лъабго къо Минаялда бан хадур нахъе рач1араздаги мунагь-х1акъ гьеч1о. Гьал церехун рицарал х1ажалъул ах1камал руго Аллагьасдаса х1инкъун, гьев разилъи т1алаб гьабун х1аж гьабизе бокьаразе ругел.**
**Нуж киналго Аллагьасдаса х1инкъараллъун рук1а, ва нужеда лъай, х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе Бет1ергьан Аллагьасде цере нуж рак1аризе рук1ин** ва щибаб х1арп рик1к1ун, щибаб зарра рик1к1ун нужер х1исаб гьабизе бук1ин.

﴿وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يُعۡجِبُكَ قَوۡلُهُۥ فِي
ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَيُشۡهِدُ ٱللَّهَ عَلَىٰ مَا فِي
قَلۡبِهِۦ وَهُوَ أَلَدُّ ٱلۡخِصَامِ ٢٠٤﴾

**204.** Гьаб аят решт1изабуна ал-Ахнас абулев мунафикъасул х1акъалъулъ. Гьес Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вач1ун иман лъуна, ва гьесие берцинаб хабарги бицана, ва мун вокьулинги абуна. Амма гьев вук1ана жанисан рак1 хъубав чи. Аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аск1осан ун хадуб цо бусурбабазул хурах бугеб бак1алда щвараб мехалъ, гьеб хурги бух1ана, гьенир ратарал х1амулги ч1вана. Гьасул х1акъалъулъ Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:
**Г1адамаздаса цо-цо чаг1и руго дуе бокьулеб берцинаб хабар бицунел ва дунялалда дуда гьел лъик1ал г1адамал ругин рак1алда кколел.** Ахираталда гьезул х1укму Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кодоб бугелъул гьесда щибго жо бальго хут1уларо. **Жинца иман лъунин абун Аллагь нуг1лъун ч1езавула гьев чияс:** ай гьес шагьадат бит1ун Аллагь цо вугин абулелъул нилъеца гьев рак1алъги иман лъуравлъун тола. **Х1акъикъаталда гьев ц1акъ квешав питначи вуго, бат1улаб**

**жоялдалъун жив къацандулев.**

وَإِذَا تَوَلَّىٰ سَعَىٰ فِي ٱلۡأَرۡضِ لِيُفۡسِدَ فِيهَا وَيُهۡلِكَ ٱلۡحَرۡثَ وَٱلنَّسۡلَۚ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلۡفَسَادَ ٢٠٥

**205. Дуда аск1оса аравго гьев ракьалда пасалъи гьабулевлъун хьвадулев вуго, жинца хурзал-ахал хвезарун рух1ун, х1айваналги ч1ван. Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие пасалъи бокьуларев вуго.**

وَإِذَا قِيلَ لَهُ ٱتَّقِ ٱللَّهَ أَخَذَتۡهُ ٱلۡعِزَّةُ بِٱلۡإِثۡمِۚ فَحَسۡبُهُۥ جَهَنَّمُۖ وَلَبِئۡسَ ٱلۡمِهَادُ ٢٠٦

**206. Гьев мунапикъасда абураб мехалъ мун Аллагьасдаса х1инкъа, ва квешаб г1амал те абун, гьев чиясулъ бугеб ч1ух1иялъ, ва жагьилаб ах1макълъиялъ гьев вачунев вуго жегиги мунагьал гьариялде.** Цинги гьав ц1акъго инкар кколев ва пасалъи г1емеравлъун лъугьуна. **Гьев чи вуссунеб ва гьесие г1ейи гьабулеб бак1 жагьаннама буго. Ц1акъ квешаб босен буго гьеб** жужах1алъул ц1а ва гьелдаса хвасарлъи бук1уларо мунапикъзабазе.

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَشۡرِي نَفۡسَهُ ٱبۡتِغَآءَ مَرۡضَاتِ ٱللَّهِۚ وَٱللَّهُ رَءُوفُۢ بِٱلۡعِبَادِ ٢٠٧

**207. Ва г1адамаздаса вуго цоги лъик1ав чи ва лъик1ал г1адамал, жиндир напс бичун босулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун гьесие т1аг1ат-г1ибадат гьабизе. Х1акълъунго Аллагь жиндир лагъзадерида гурх1улев вуго**, лъик1аб г1амалалъул кири г1емерго ц1ик1изабулев вуго. Ва жинца тавбо къабул гьабулев, мунагьал чурулевги вуго.

Гьаб аят решт1изабуна Ссугьайб رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ асх1абасул х1акъалъулъ. Гьижра гьабун Мадиналде ине абун Маккаялдаса къват1ив гьев вахъараб мехалъ, гьесда хадуб къурайшиязул цо къокъа бач1ана гьев нахъ вуссинавизе абун. Цинги Ссугьайб рек1унеб жоялдаса гъоркьги решт1ун, кисинисан ч1оралги г1одоре ран, бут1ги кодоб ккун, къурайшазда к1алъана: нужеда лъала дун ц1акъ лебалав вук1ин ч1оралреч1изе. Ахираб ч1ор т1аг1инег1ан дица нужер чи аск1ове виччаларо. Цинги гьаб хвалчен бекизег1анги вагъила дун. Гьелдаса хадуб нужеего бокьараб жо гьабеха нужеца- абун. Цинги къурайшияз абуна: «Мун нижехъе вач1ана щибго гьеч1ев мискинчилъун, гьанже мун г1емераб маг1ишаталъул бет1ергьан вугоян»-абун.

Ссугьайбица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: гьеб дир боц1и бугеб бак1 нужеда бицани нужеца дун нухда виччалищ?- абун. Къурайшияз виччалаян абуна. Цинги Ссугьайбица Маккаялда т1ад вуссун къурайшиязда жиндир

боцIи бугеб бакI бихьизабуна, ва жив гьижра гьабун Мадиналде ана. Мадиналда гьев щвараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Ссугьайбил даран бергьана, Ссугьайбил даран бергьан»*- абун. БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб цебехун хъвараб аятги records рештIизабуна (207 аят).

**208. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж тIубанго исламалда жанир лъугьа:** исламалъул цо хIукму къабул гьабун цогидаб рехун тоге. Ислам цохIо черх гIадаб жо буго бикь-бикьун бегьулареб, **Нуж щайтIаналда нахъги рилъунге, ва гьелъие гуккизе чIоге. ХIакълъунго гьеб щайтIан нужее баянаб, хIакъаб тушман буго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱدْخُلُوا۟ فِى ٱلسِّلْمِ كَآفَّةً وَلَا تَتَّبِعُوا۟ خُطُوَٰتِ ٱلشَّيْطَٰنِ ۚ إِنَّهُۥ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ٢٠٨

**209. Нужехъ хIакъаб Къуръан бачIун хадурги нуж битIараб нухдаса хъуштIани,** исламалда жанирги лъугьинчIони, **нужеда лъаеха хIакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гуч бергьарав вукIин.** Жинца гIасиял, пасикъал гIадамазе гIазаб гьабулев вукIин ва щивго чияс я щибго жоялъ жив нахъ чIваларев гьеб гIазаб гьабиялдаса. **Ва халкъалъе гьабулеб тадбиралъулъ, жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго:** гIададасеб жо гьабуларев, щибаб жоялда жаниб цо маслахIат, пайда букIунев.

فَإِن زَلَلْتُم مِّنۢ بَعْدِ مَا جَآءَتْكُمُ ٱلْبَيِّنَٰتُ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ٢٠٩

**210. Гьал иман лъезе чIухIарал гIадамазе тIаде бачIине жо бугищха, къиямасеб къо бачIун, жидер хIисаб-мизан гьабизе БетIергьан Аллагь вачIин гуреб: зобалги хъвалхьун накIкIазул рагIадалъулъ вугев гIадин. Гьединго жидер рикIкIен гIемерал малаикзабиги рачIула.**

هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّآ أَن يَأْتِيَهُمُ ٱللَّهُ فِى ظُلَلٍ مِّنَ ٱلْغَمَامِ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَقُضِىَ ٱلْأَمْرُ ۚ وَإِلَى ٱللَّهِ تُرْجَعُ ٱلْأُمُورُ ٢١٠

Аллагь рехсеялъул гьаракь бугел найидал тIалаялъул гьаракь гIадаб. Гьезул Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсей тасбихI гьаби букIуна.

**Цинги хIисаб-мизан гьабун, халкъалда гьоркьоб хIукму гьабиги тIубала:** цоял алжаналда уна, цоял жужахIалда уна. **Гьаб кинабго амру БетIергьан Аллагьасде буссунеб буго.** Ва гьесда цере чIечIого щивниги чиясе ресги гьечIо.

Гьедин бугелъул Аллагь цо гьавун, аварагзаби ритIухъ гьарун исламияб диналда руссун рукIине ккела киналго гIадамал. Гьезул цоги Аллагьги гьечIелъул, гьел рижиги цохIо Аллагьасе лагълъи гьаби мурадалда

бугелъул.

Гьаб аяталда жаниб абуна «Аллагь вач1ин»- абун. Цоги аятазда жанибги бук1уна гьалда релълъарал раг1аби: «Аллагь г1арщалда тадег1анлъана», «Аллагьасул квер», «Аллагьасул х1ет1е»-абун. Нилъеда Т1адег1анав Аллагьасул сипатазул х1акъикъат лъаларо, гьезда иман лъун божун рук1ун гурони: масала «Аллагь к1алъала» «Аллагьасда бихьула» «Аллагьасда раг1ула» абураб мехалъ, нилъеда к1оларо гьал сипатал цере ч1езаризе, ва гьезул х1акъикъат бицине, щай гурелъул нилъеда лъала Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ щибго жоялда релълъарав гьеч1евлъи. Гьесул сипаталги щибго жоялда релълъарал рук1уларо.

Гьал сипатазда иман лъун божун толеб г1адин, нилъеда т1адаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ заталъульги гьедин тезе. «Аллагьасул квер» абураб мехалъ нилъеца Т1адег1анав Аллагьасул квер бук1иналда иман лъела, амма гьелъул куц- рахъ, сипат ц1ехеларо. «Аллагь вач1уна» абидал нилъеца гьев вач1унев вук1иналда иман лъела ва кин вач1унев абураб жо ц1ехеларо. Цояз гьикъани: кин гьев Аллагь вач1унев абун, гьесие жаваб кьела: Аллагьасул зат нилъеда лъаларо сипат гьабун бицизе, гьединго гьесул сипаталги лъаларо гьадинал ругин абун рицине.

سَلۡ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ كَمۡ ءَاتَيۡنَٰهُم مِّنۡ ءَايَةِۭ بَيِّنَةٖۗ
وَمَن يُبَدِّلۡ نِعۡمَةَ ٱللَّهِ مِنۢ بَعۡدِ مَا جَآءَتۡهُ
فَإِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ٢١١

**211. Дуца бануисраилазда абе Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**!** Гьезда бадиб ч1вай гьабун, ва гьел мук1ур гьарун **г1емерал г1аламатал, муг1жизатал кьуна гурищ дица Муса** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **аварагасе, гьев рит1ухъав авараг вук1иналда т1орит1ел гьабулел.** Гьедин бугониги бануисраилаз Муса рит1ухъ гьавич1о, ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккуна.

**Т1адег1анав Аллагьасул ниг1матал жидехъе рач1ун хадуб** (аварагзаби ва т1ахьал), **гьел ниг1матазда иман лъеч1ого, купруялдалъун гьезда дӑнде ч1арал г1адамазе Т1адег1анав Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир г1акъуба-г1азаб гучав ва къвак1арав вуго.**

زُيِّنَ لِلَّذِينَ كَفَرُواْ ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَا وَيَسۡخَرُونَ مِنَ
ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْۘ وَٱلَّذِينَ ٱتَّقَوۡاْ فَوۡقَهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۗ
وَٱللَّهُ يَرۡزُقُ مَن يَشَآءُ بِغَيۡرِ حِسَابٖ ٢١٢

**212. Капурал г1адамазе гьаб дунялалъул ч1аголъи берцин гьабун буго.**

Гьел жидер шагьватазда нахърилъун, ахират к1очон хьвадулелги руго. Гьезул рак1азда жаниб дунял бокьи лъугьиналъ, гьелда г1ашикълъун, абадияб рукъалдаса жал руссун руго. Гьедин гучаб дунял бокьиялъ,

ва дунялалъ жал гуккун рук1иналъ, **муъминзаби жидеца махсароде гьарулел руго ва гьезда т1ад релъанхъулелги руго:** дунял тун ахират т1аса бищарал рукIиналъ гьел г1абдалзабилъун рихьун руго. **Амма ахираталда гьал муъминзаби жидер даража-макъамалъулъ капурзабаздаса т1адег1ан рук1ине руго.** Муъминзабазе бугеб алжан т1адег1анаб буго, капурал рехулеб жужах1 г1одобег1анаб буго. **Х1акълъунго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие бокьарав чиясе ризкъи кьола щибго х1исаб гьеч1ого, г1емераб ва г1ат1идаб.** Капуразеги кьола ризкъи, гьеб Т1адег1анав Аллагьасе къимат гьеч1еб жо бук1иналъ, г1асиял пасикъазеги кьола. Ва амма х1акъикъияб ризкъи буго инсан иманалда т1овит1и ва гьелдалъун ахираталъул абадиял, даимал ниг1матал жиндие ризкъилъун рук1ин.

كَانَ ٱلنَّاسُ أُمَّةً وَٰحِدَةً فَبَعَثَ ٱللَّهُ ٱلنَّبِيِّـۧنَ مُبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ وَأَنزَلَ مَعَهُمُ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ لِيَحْكُمَ بَيْنَ ٱلنَّاسِ فِيمَا ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ ۚ وَمَا ٱخْتَلَفَ فِيهِ إِلَّا ٱلَّذِينَ أُوتُوهُ مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ ٱلْبَيِّنَٰتُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۖ فَهَدَى ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لِمَا ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ مِنَ ٱلْحَقِّ بِإِذْنِهِۦ ۗ وَٱللَّهُ يَهْدِى مَن يَشَآءُ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٢١٣﴾

**213.** Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасдаса бай бихьун Нух1 عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасде щвезег1ан гьоркьор ругел г1адамал Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал рук1ана. Нух1 аварагасде щвелелде гьел г1адамаз хъанчазе лагълъи гьабизе бай бихьана. Цинги Т1адег1анав Аллагьас Нух1 авараг вит1ана гьел бит1араб диналде ах1изе. Гьелда хадуб г1емер аварагзаби рит1ана. Гьаб х1акъикъаталда нилъ кант1изарун Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб буго:

**Г1адамал цо исламияб уммат бук1ана:** тавх1идалъул агьло бук1ана. Цинги гьезул иман биххизе лъугьиндал **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **аварагзаби рит1ана, иманалда ч1ч1аразе алжаналдалъун рохел бицунел, купру-ширк гьабуразе жужах1алдалъун х1инкъи кьолел. Гьел аварагзабигун цадахъ т1ехьги решт1изабуна х1акъаб шариг1ат, ва тавх1ид жаниб бицараб, аварагзабаз** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **Аллагьасул т1ехьалда рекъон г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабизе, гьел жиндилъ хилиплъараб жоялъе. Гьеб т1ехьалда бугеб жоялда хилиплъиги гьабич1о жедехъе гьеб решт1арал г1адамаз гурони. Гьелги хилиплъана х1акъаб жо жидехъе бач1ун хадур.**

Гьел хилиплъиялъе г1иллаги бук1ана **гьезул цо-цаздехун бугеб х1ал хъублъи ва тушманлъи.** Капуразул муъминзабаде бугеб тушманлъи. **Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир ц1об-рах1муялдалъун муъминзаби гьел жиндилъ хилиплъараб жоялъулъ бит1араб бич1ч1иялде т1орит1ана. Х1акълъунго Аллагь жиндие вокьарав**

**чи битlараб нухалда тlовитlулев вуго.**

**214. Нужеда ракlалдайищ кколеб, я гьал муъминзаби, нуж алжаналда лъугьилин абун, нужеда щибго къварилъи хlалбихьиги хъатlичlого. Нужеда цересел умматазда бихьараб захlмалъи ва балагь нужеда бихьичlого. Гьел умматазда цlакъ кlудияб къварилъи щвана ва гьел гучал балагьаз кlорокlана, аварагасги ва иман лъурал гlадамазги Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ахlи базегlан, ва гьел Аллагьасе хlелизегlан: «Нижее квербакъи кида бачlине бугеб,** гьабе нижее квербакъи»-абун. **Аллагьас гьезие жавабги гьабуна: «гьале нужее квербакъи цlакъ гlагарда щун буго»-абун.**

أَمْ حَسِبْتُمْ أَن تَدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ وَلَمَّا يَأْتِكُم مَّثَلُ ٱلَّذِينَ خَلَوْا۟ مِن قَبْلِكُم مَّسَّتْهُمُ ٱلْبَأْسَآءُ وَٱلضَّرَّآءُ وَزُلْزِلُوا۟ حَتَّىٰ يَقُولَ ٱلرَّسُولُ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ مَتَىٰ نَصْرُ ٱللَّهِ ۗ أَلَآ إِنَّ نَصْرَ ٱللَّهِ قَرِيبٌ ﴿٢١٤﴾

Гьаб аяталъул магlна буго Тlадегlанав Аллагьас муъминзабазул хlалбихьи гьабулеб буклин батlи-батlиял къварилъабаздалъун. Ниж муъминзаби ругин, гьаб дунялалда ниж щибго къварилъи хъатlичlого руклине кколин, ахираталда алжаналдаги ине кколин абураб пикру мекъаб буго.

Муъминчиясул иман камиллъуларо, ва гьев унго-унгояв Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагълъунги лъугьуларо жинда тlад къварилъи-захlмалъи щвечlого, жинца гьеб къварилъиялда Аллагьасе гlоло, Аллагь разилъи тlалаб гьабун саброги гьабичlого: лъиклъиги квешлъиги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къадаралдалъун буклиналда божун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аваравгасда цо асхlабзабаз رَضِيَٱللَّهُعَنْهُمْ абидал: *«Я расулаллагь* صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ*! Аллагьасда дугlа щай гьабулареб нилъее квербакъи гьабе абун, Аварагас абуна: «нужеда цере рукlарал умматазул цо гlадамал, хlакъаб диналдаса руссаян абун, бетlералда хъухъадиро лъун ахаде щвезегlан хъухъан кlиго къотlел гьабун гlодоре рехулел рукlана. Цингиги гьел диналдаса руссунел рукlинчlо. Маххул гьоркьоги босун ракьаялдаса гьан батlа гьабулеб букlана, цингиги гьез дин толеб букlинчlо»-абун.*

*Хадубги аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ *абуна: «Аллагьсул цlаралдалъун гьедула дун: гьаб исламияб дин ракьалда тlибитlизе буго. Сангlаалдаса цо чи къватlив вахъани гьев Хlазрамавталда щвезегlан унеб хlалалъ, щибго жоялдаса хlинкъичlого. Нуж руго гьаб амру хехго тlубазе къваригlарал»-* абун. Хlадис имам Бухарияс бицана.

Гьаб аяталдаса ва хlадисалдаса бичlчlизе кколеб мурад буго: Аллагьасда иман лъураб мехалъ гьеб иманалда сабруги гьабизе ккола

ва Аллагьасулги аварагасулги мурадалда рекъон динги гьабизе ккола. Цинги т1аде бач1унеб жо лъик1аб бук1аниги, квешаб бук1аниги Аллагьасул ﷻ х1укмо-къадаралдалъун бук1ин лъан, гьелда разилъун, Аллагьасда таваккал т1амун хьвадизе ккола.

يَسْـَٔلُونَكَ مَاذَا يُنفِقُونَ ۖ قُلْ مَآ أَنفَقْتُم مِّنْ خَيْرٍ فَلِلْوَٰلِدَيْنِ وَٱلْأَقْرَبِينَ وَٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ وَٱبْنِ ٱلسَّبِيلِ ۗ وَمَا تَفْعَلُوا۟ مِنْ خَيْرٍ فَإِنَّ ٱللَّهَ بِهِۦ عَلِيمٌ ﴿٢١٥﴾

**215. Дуда асх1абзабаз гьикъулеб буго я Мух1аммад ﷺ! Щиб жо суннатаб садакъаялъе кьелеб ва лъие гьеб кьелеб абун. Дуца гьезда абе: «Нужеца садакъаде кьолеб жо рак1 разилъун, лъик1аб кье. Гьеб нужеца кье нужерго эбел-инсуе, г1агарал г1адамазеги, мискиназеги, бесдалазеги, сапаралда ругезеги. Щиб лъик1аб жо нужеца гьабуниги гьеб жо Аллагьасда ﷻ лъала,** гьелда данде Аллагьас лъик1аб жазаъги гьабула.

كُتِبَ عَلَيْكُمُ ٱلْقِتَالُ وَهُوَ كُرْهٌ لَّكُمْ ۖ وَعَسَىٰٓ أَن تَكْرَهُوا۟ شَيْـًٔا وَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۖ وَعَسَىٰٓ أَن تُحِبُّوا۟ شَيْـًٔا وَهُوَ شَرٌّ لَّكُمْ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٢١٦﴾

**216. Нужеда т1ад паризаяблъун гьабун буго капуразда ва мушриказда рагъ бай, киг1анго нужее гьеб бокьулареб жо бугониги.**

Нужер боц1и-малги кьезе кколеб, напс гьалаглъиялда (хвеялда) х1инкъи бугеб бук1ун. **Ва амма цо жо нужее риханиги, гьелъул ахир нужеего лъик1аб бук1ине бегьула.** Дунялалъул рокъоб жигьадалъул лъикIлъи буго нужер напсалги нужер ватIанги тушманасдаса хвасар гьаби ва бацIад гьаби. Аллагьасул дин тIадегIан гьабун купру-шикр гIодобегIан гьаби. Ахираталда гьелъул лъикIлъи буго нужеда Аллагь ﷻ разилъи ва алжаналъул нигIматал щвей.

**Ва нужее цо жо бокьула**, (жигьад гьабич1ого рук1изе бокьула) **гьелъул ахир нужее квешаб бук1инеги бегьула.** Нуж х1акъирлъиялда ва капурзабазул лагълъиялда хутIула, нужер къадро-къимат инжит гьабун букIула. Ахираталдаги жужахIалъул цIа букIула ва абадияб гIазаб букIула. **Х1акълъунго Аллагьасда лъала кинабго жоялъул загьир ва бат1ин,** гьелъул ахир ва х1асил кинаб бук1унеб. **Нужеда лъаларо загьир гурони ва гьеб загьирги якъинго лъаларо.** Гьедин бугелъул нужеца Аллагьасул ﷻ амру т1убай ва гьелда жаниб нужее маслах1ат буго.

يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلشَّهْرِ ٱلْحَرَامِ قِتَالٍ فِيهِ ۖ قُلْ قِتَالٌ فِيهِ كَبِيرٌ ۖ وَصَدٌّ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَكُفْرٌۢ

**217. Цоги дуда гьикъулеб буго Мух1аммад ﷺ, жиндилъ рагъ х1арам гьабураб моц1алдаса,** гьеб

моц1алъулъ рагъ гъабиялдасаги.
**Дуца гьезда абе: «Рагъ х1арам гьабураб моц1алъулъ рагъ байбихьи к1удияб мунагь буго. Ва амма гьелдаса к1удияб мунагьги, Аллагьасе ﷻ рихараб жоги буго:** Аллагь цо гьавун авараг ﷺ рит1ухъ гьавун жидеца иман лъурал, **ва х1акъаб дин гьабулел г1адамал гьеб диналдаса нахъч1вай, ва Аллагьасда ﷻ инкар кквей.**

بِهِۦ وَٱلۡمَسۡجِدِ ٱلۡحَرَامِ وَإِخۡرَاجُ أَهۡلِهِۦ مِنۡهُ
أَكۡبَرُ عِندَ ٱللَّهِۚ وَٱلۡفِتۡنَةُ أَكۡبَرُ مِنَ ٱلۡقَتۡلِۗ
وَلَا يَزَالُونَ يُقَٰتِلُونَكُمۡ حَتَّىٰ يَرُدُّوكُمۡ عَن
دِينِكُمۡ إِنِ ٱسۡتَطَٰعُواْۚ وَمَن يَرۡتَدِدۡ مِنكُمۡ عَن
دِينِهِۦ فَيَمُتۡ وَهُوَ كَافِرٞ فَأُوْلَٰٓئِكَ حَبِطَتۡ
أَعۡمَٰلُهُمۡ فِي ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ
أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢١٧

**Масжидул х1арамалдаса г1адамал нахъч1вай, гьеб масжидул х1арамалъул агьлу:** хирияв авараг ﷺ, ва гьесул асх1абзаби رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ **гьенисан къват1ир къот1иги, – гьаб буго Аллагьасда аск1об бищунго к1удияб мунагь ва зулму!**

**Бусурманчи жиндир диналдаса вуссизавун купру-ширкалъулъ ккезави буго чи ч1ваялдасаги к1удияб мунагь. Гьел мушрикал нужеда рагъулеллъун рук1ине руго ва гьез рагьги тезе гьеч1о нуж нужер диналдаса руссизаризег1ан, гьелда х1ал к1вани.** Гьадинал тушбаби руго нужее купарал ва мушрикал ва нуж гьезул амруялда мут1иг1лъуге, гьезул зулму, къварилъи зах1малъун нужеца х1акъаб динги рехун тоге.

**Нужер х1акъаб диналдаса вуссарав чи, цинги живги капурчилъун вук1ун хварав, гьев вуго жиндир дунялалда гьабураб кинабго г1амалги хварав, ахираталдаги жив ч1ового хут1арав. Гьел г1адамал жужах1алъул агьлу буго, ва гьел даимго жужах1алда жанир рук1инеги руго.**

**218. Х1акълъунго Аллагьасда ﷻ ва гьесул аварагасда ﷺ иман лъурал г1адамал, цинги мушриказ жидее къварилъи гьабидал жидер ват1ан тун, Аллагьасе г1оло ва гьесул дин т1адег1ан гьабизе г1оло гьижраги гьабурал,** къват1ирги рахъарал.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَٱلَّذِينَ هَاجَرُواْ
وَجَٰهَدُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ أُوْلَٰٓئِكَ يَرۡجُونَ
رَحۡمَتَ ٱللَّهِۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٢١٨

**Хадуб Аллагьасул дин ц1унун, ва ракьалда дин т1ибит1изабун жигьадги гьабурал,- гьал г1адамал руго Аллагьасда ﷻ жидер хьул лъолел: жидер мунагьал чурилин ва Аллагь гурх1илин абун. Т1адег1анав Аллагь ﷻ жинца муъминзабазул мунагьал чурулев ва гьезда жив гурх1улев вуго.**

Гьал аятазда жаниб бицараб х1укму Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда хириял асх1абзабаз гьикъун, гьезие жаваб кьун бицараб

бугониги, гьаб х1укму киналго бусурбабазе ва кинабго заманаялъ г1аммаб буго. Ракьалда т1асан купру- ширк т1аг1ун, цох1о Аллагьасе лагълъи гьабулеб заман бач1инег1ан, бусурбабазул ва капуразул тушманлъи т1аг1уларо.

Капурчи ургъулев вугелдаса нилъер исламияб дин т1аг1изабизе, гьелъие зарал гьабизе, гьесдаса г1емерго ц1ик1к1ун бусурманчи ургъизе т1адаб буго купру- ширк т1аг1изабиялда т1ад, ва ракьалда т1ад цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьаби бук1инабиялда т1адги. Гьаб буго муъминчиясул дунялалъул ва ахираталъул саг1адат (бахьибуголъи). Гьаб макъам Аллагьас ц1акъ дагьал, жиндие рокьарал ва жинца т1аса рищаразе гурони кьун гьеч1о.

Аллагьас нилъ гьездаса гьареги.

﴿يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلْخَمْرِ وَٱلْمَيْسِرِ ۖ قُلْ فِيهِمَآ إِثْمٌ كَبِيرٌ وَمَنَٰفِعُ لِلنَّاسِ وَإِثْمُهُمَآ أَكْبَرُ مِن نَّفْعِهِمَا ۗ وَيَسْـَٔلُونَكَ مَاذَا يُنفِقُونَ قُلِ ٱلْعَفْوَ ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْـَٔايَٰتِ لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُونَ ﴿٢١٩﴾

**219. Дуда гьикъулеб буго Мух1аммад ﷺ, хамроялдаса ва майсиралдаса;** гьоркьоб жо лъун х1алел х1аязул х1акъалъулъ: х1алалалабищ гьеб х1арамабищ абун. **Дуца гьезда абе: гьеб к1иябго жоялда жаниб ц1акъ к1удияб мунагь буго** ва гьеб х1арамабги буго. **Гьеб к1иялдаго жаниб** дунял т1алаб гьабулев, ахират к1очарав чиясе **мунпаг1ат буго:** х1арамаб бугониги боц1и щвей г1адаб. Амма диналъе бугеб, жиндир г1акълоялъе ва черхалъе бугеб зарал к1удияб буго. Гьоркьоб жо лъун х1аялда жанибги ц1акъ к1удиял пасалъаби руго: кинабго маг1ишаталдаса ват1алъи, тущманлъи ккей, хъизан-рукъ биххи ва цогидалги. **Гьадин бугелъул хамро ва майсир гьезул мунпаг1аталдаса зарал к1удиял жал руго.**

Гьаб аят буго хамро х1арам гьабизе байбихьилъун бугеб, т1обанго гьеб х1арам гьабун цойги аятал рещт1ана. Хамро абула: кинабго жинца мехтизарулеб жоялда. Г1емераб гьекъон жинца мехтизарулеб жо: мед, ч1аг1а, пиво ва гьезда релъаралги, гьазул дагьаб жоги гьекъезе х1арам буго. Щай абуни мехтулеб жо х1арам гьабун буго, мехти шарт1 гьабун гьеч1о. Гьал мехтизарулел жалазда релълъун х1арамал руго наркотикалги; гьел руго г1акъло инзабулел ва черх ч1унтизабулел жал.

**Ва цогиги дуда гьикъулеб буго Мух1аммад ﷺ, жидеца щиб жо напакъаде кьелеб абун. Дуца гьезда абе нужер х1ажаталдаса т1ок1лъараб жо кьеян абун.** Нуж жинда х1ажатаб жо цогидазе кьураб мехалъ гьелда жаниб лъик1лъи бук1уларо: я нужее къварилъи ккун гьеб х1ехьон ч1езе ккола, яги цогидазда хьул лъун, гьезул рагьабазде

балагьизе ккола, яги цогидазда гьаризе ккола.

**Гьадин баян гьарула Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир аятал:** шарг1иял ах1камал ва нужее хайир ва зарал бугеб, х1арамаб х1алалаб жо: **нужеца пикро гьабизе ва нуж ургъизе,**

فِي ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِۗ وَيَسۡـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلۡيَتَٰمَىٰۖ
قُلۡ إِصۡلَاحٞ لَّهُمۡ خَيۡرٞۖ وَإِن تُخَالِطُوهُمۡ
فَإِخۡوَٰنُكُمۡۚ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ ٱلۡمُفۡسِدَ مِنَ
ٱلۡمُصۡلِحِۚ وَلَوۡ شَآءَ ٱللَّهُ لَأَعۡنَتَكُمۡۚ
إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٞ ٢٢٠

**220. дунялалъул ч1аголъиялъулъ** гьеб паналъулеб т1аса унеб бук1ин лъан, **ва ахираталъул амроялъулъги** гьеб абадияб рукъ бук1ин лъан. Цинги жиб т1аса унеб дунялалдаса жиб даимаб ахират т1аса бищизе.

**Цогиги дуда гьикъулеб буго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, **ятимазул х1акъалъулъ,** гьезул боц1и-мал бат1аго ц1унунищ телеб, яги жидералда цадахъ жубазабун, цадахъ х1алт1изабун г1емерищ гьабилеб абун. **Дуца абе гьел ятимазе мунпаг1ат бугеб жо хал гьабун х1алт1изабеян гьезул боц1и-мал. Гьезул боц1и нужергогун жубазабуниги бегьула, гьел нужер диналъул вацал ругелъул.** Диналъул вацаз цоцазе кумек ва маслах1ат гьабизе ккола.

**Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лъалев вуго нужедаса лъик1лъи гьабизе бокьаравги, пасалъи гьабизе бокьаравги чи. Аллагьасе бокьун бук1арабани нуж къварилъиялъулъ ккезаризе ва нужее зах1матаб амру т1ад къазе, гьебги гьабилаан Аллагьас.** Кинниги т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гурх1ел-рах1му цебе ккарав вуго, гьес лагъзадерие къварилъи кколеб х1укму гьабуларо. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир къуват-гуч бергьарав вуго, жиндир пишабазулъ х1акимияв вуго,** лагъзадерие маслах1атаб жо гьабулевги вуго.

وَلَا تَنكِحُواْ ٱلۡمُشۡرِكَٰتِ حَتَّىٰ يُؤۡمِنَّۚ وَلَأَمَةٞ
مُّؤۡمِنَةٌ خَيۡرٞ مِّن مُّشۡرِكَةٖ وَلَوۡ أَعۡجَبَتۡكُمۡۗ
وَلَا تُنكِحُواْ ٱلۡمُشۡرِكِينَ حَتَّىٰ يُؤۡمِنُواْۚ وَلَعَبۡدٞ مُّؤۡمِنٌ
خَيۡرٞ مِّن مُّشۡرِكٖ وَلَوۡ أَعۡجَبَكُمۡۗ أُوْلَٰٓئِكَ
يَدۡعُونَ إِلَى ٱلنَّارِۖ وَٱللَّهُ يَدۡعُوٓاْ إِلَى ٱلۡجَنَّةِ
وَٱلۡمَغۡفِرَةِ بِإِذۡنِهِۦۖ وَيُبَيِّنُ ءَايَٰتِهِۦ لِلنَّاسِ
لَعَلَّهُمۡ يَتَذَكَّرُونَ ٢٢١

**221. Нужеца мушриказул руччаби рачунге, я гьал муъминзаби, гьез иман лъун исламияб дин босун хадуб гурони. Муъминай лагъ лъик1ай йиго нужеца ч1ужулъун ячине узденай мушрикалдаса, киг1анго нужее гьей мушрикай берцин йихьун, йокьун йигониги. Ва нужеца мушриказе нужер муъминал руччаби кьоге, гьез иман лъезег1ан ва исламияб дин къабул гьабизег1ан. Нужее муъминав лагъ лъик1 вуго узденав мушрикасдаса, гьев нужеда берцин**

**вихьун вугониги,** гьесул насабалда яги боц1иялда хьул лъун бугониги.

**Гьел мушрикал руго жидеца нуж жужах1алде ах1улел ва гьелда г1агар гьарулел,** гьезулгун ригьиналъул ва цогидабги хурхен гьабуни. **Т1адег1анав Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нуж алжаналде ах1улев вуго ва жиндир мунагьал чури, гурх1ел нужеда щвей бокьаравги вуго.** Гьедин бугелъул Аллагьас нужеда лъик1аб жо малъулеб буго, квешалдаса рик1к1адги гьарулел руго. **Ва жиндир аятал, х1икматал г1адамазе баян гьарулевги вуго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**, г1адамазда жо лъазе ва бич1ч1изе бокьун ва гьез лъик1аб-квешаб жо бат1а бахъизеги бокьун.**

222. **Ва дуда гьикъулеб буго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, х1айзалъул масъала** (х1айз абула руччабазул г1адат билълъараб щибаб моц1алъ би бач1иналда, как хут1и, «менструация»).

وَيَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلْمَحِيضِ قُلْ هُوَ أَذًى فَٱعْتَزِلُوا۟
ٱلنِّسَآءَ فِى ٱلْمَحِيضِ وَلَا تَقْرَبُوهُنَّ حَتَّىٰ
يَطْهُرْنَ فَإِذَا تَطَهَّرْنَ فَأْتُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ أَمَرَكُمُ
ٱللَّهُ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلتَّوَّٰبِينَ وَيُحِبُّ ٱلْمُتَطَهِّرِينَ ﴿٢٢٢﴾

Гьаб масъала гьикъиялъе г1иллаги буго Аллагь разилъаял асх1абзаби мадинаялда рач1араб мехалъ, гьезда ягьудиял ратана х1айз бач1араб мехалъ ч1ужугун цадахъ квен кваналарел, гьейгун цо рукъорги ч1оларел. Цинги асх1абзабаз رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьикъана гьаб х1укму. Т1адег1анав аллагьс абулеб буго:

**Дуца гьезда абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьеб х1айз чорокаб, рак1 къалеб жо буго, нужеца х1айз т1аг1ун черх чуризег1ан ч1ужуялда жимаг1 гьабуге** (половое сношение). **Нуж гьездаса дорег1ан къан рук1а гьел рац1ц1алъизег1ан,** ай жимаг1 гьабизе аск1ор къаге, амма цогидаб цадахъ рук1инги, цадахъ кванайги ва цоцазда махсаро гьабиги бегьула, цох1о жимаг1 гьаби хут1изег1ан.

**Цинги гьел руччаби рац1ц1алъун гьез черхги чурараб мехалъ, нуж гьел руччабазда аск1оре лъугьа ва Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **х1алал гьабураб бак1алда квале.** Гьеб х1алал гьабураб бак1ги лъимер гьабулеб бак1 буго, нахъияб рахъ гьеч1о. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие мунагьаздаса тавбо гьабулел ва чорокаб жоялдаса рик1к1ад ч1олел рац1алъи гьабулел муъминзаби рокьулев вуго.**

223. **Нужер руччаби бекьулеб хуралда релълъун руго. Нуж гьезда аск1ор лъугьа нужеего бокьараб рахъалъан:** т1ад веганиги, хьибилалдаса лъугьаниги,

نِسَآؤُكُمْ حَرْثٌ لَّكُمْ فَأْتُوا۟ حَرْثَكُمْ أَنَّىٰ
شِئْتُمْ وَقَدِّمُوا۟ لِأَنفُسِكُمْ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ
وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّكُم مُّلَٰقُوهُ وَبَشِّرِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٢٢٣﴾

нахъаса лъугьаниги, вахъун ч1ун, г1одов ч1ун лъугьаниги гьукъараб жо гьеч1о рос-лъадиялъ цоцаздаса мунпаг1ат босизе, цоцазе къварилъи-заралги гьабич1ого. Х1арамаб жо буго лъимер гьабулеб бак1алда жаниб лъугьизабич1ого жиндир закар (алат) нахъияб рахъалда лъугьизаби. Ч1ужуялдаги т1адаб буго россас гьединаб жо гьабулеб бугони, гьев виччангут1изе, данде ч1езе, х1атта гьединаб жо гьабулев чиясдаса нахъе ине.

**Нужеца лъик1ал г1амалалги гьаре,** ахираталда нужее хазиналъун ратизе. **Ва нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъа х1арамаб жо гьабизе,** руччабазда аск1ор лъугьиналъулъ ва цогидаб жоялъулъги. **Нужеда лъай нуж ахираталда Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **данде ч1вазе рук1ин** ва нужер х1исаб-мизан гьабизе бук1ин. **Нужеца муъминзабазда рохелги бице** гьезие Аллагьасда аск1об алжан ва к1удияб лъик1лъи бук1иналдалъун.

Росс-лъади цоцада аск1ор лъугьиналъул г1емерал адабал рицун руго г1алимзабаз. Аллагь-авараг лъалел г1адамазул гьеб цоцазда аск1ор лъугьинги берцинаб бук1изе рекъараб буго. Х1айваназ г1адин жидер шагьват т1убай буго гьезул насло хурхани, (лъимер лъугьани), гьеб лъимер иман гьеч1еб, квешаб лъугьиналда х1инкъи бугеб бак1.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго:*«Нужер цоясе ч1ужуялда аск1ов лъугьизе бокьараб мехалъ, гьес абуни «Бисмиллагь, я дир Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ*, дуца нижедаса щайт1ан рик1к1ад гьабе, ва нижее кьураб лъимералдасаги гьеб рик1к1ад гьабе»-абун, гьеб данделъиялъулъ гьезие лъимер лъугьани гьеб лъимералъе щайт1аналъ зарал гьабиларо»*

– абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

**224. Нужеца Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьавуге нуж гьаяздаса рац1ц1алъизе сабаблъун. Аллагьасдаса х1инкъизе ва г1адамазда гьоркьоб лъик1лъи-маслах1ат гьабизе нахъч1валеб пардавлъун.**

وَلَا تَجۡعَلُواْ ٱللَّهَ عُرۡضَةً لِّأَيۡمَٰنِكُمۡ أَن تَبَرُّواْ وَتَتَّقُواْ وَتُصۡلِحُواْ بَيۡنَ ٱلنَّاسِۚ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٞ ٢٢٤

Гьаб раг1и абиялъе г1илла буго цо г1адамаз гьездаса лъик1лъи гьаби т1алаб гьабураб мехалъ абулеб бук1ана: нижеца гьа гьедун бук1анин гьеб жо гьабиларо абун. Гьел г1адамазда г1айиб ч1ван рещт1изабуна гьаб аят. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужеца бицунеб жо жинда раг1улев, нужер пишаги, рек1ел нияталги жинда лъалев вуго.**

**225. Аллагьас нужее г1акъуба гьабуларо нужеца ургьич1ого, харбида гьоркьоб гьа гьедун раг1и абиялъе г1оло.**

لَّا يُؤَاخِذُكُمُ ٱللَّهُ بِٱللَّغۡوِ فِيٓ أَيۡمَٰنِكُمۡ وَلَٰكِن يُؤَاخِذُكُم بِمَا كَسَبَتۡ قُلُوبُكُمۡۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٞ ٢٢٥

Гьаббугогlемерисевчиясулхарбилъбукlунебрагlи: Аллагьасхlаги, Валлагьи абун. **Кинниги нуж гlакъубаялъулъ ккола нужеца ракlалъ ният гьабун кlалалъ гьа гьедараб мехалъ:** лъикlаб жоялъе гьедун хадуб гьеб гьа хвезабуни, яги квешаб жо гьабизе гьа гьедани нужее мунагь-хlакъ букlула. **Хlакълъунго Аллагь лагъзадерил мунагьал чурулев, гьезда гурхlулев вуго.** Тавбо гьабизе рес кьолев, дагьаб мунагьалде данде цlикlкlун гlазаб гьабуларев вуго.

**226. Чlужуялда асклов лъугьинаро абун гьа гьедарал гlадамал (жимагl гьабиларо абун), гьел руччабацаункъго моцlалъ сабро гьабила. Цинги росас гьа хвезабун чlужуялда жимагl гьабуни, гьеб лъикl буго ва Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жив тlаса лъугьулев, мунагьал чурулев вуго.**

لِّلَّذِينَ يُؤْلُونَ مِن نِّسَآئِهِمْ تَرَبُّصُ أَرْبَعَةِ أَشْهُرٍ فَإِن فَآءُو فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٢٦﴾

**227. Нагагь жимагl гьабичlого чlани ва гьезул иш цlар тlамиялда ани, хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьез бицунеб жо рагlулев ва гьабулеб пиша лъалев вуго.**

وَإِنْ عَزَمُوا۟ ٱلطَّلَٰقَ فَإِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٢٧﴾

Гьаб кlиго аяталъул маглна буго: жагьилал гlарабиязулго букlараб гlадат букlана росас гьа гьедулеб чlужуялда жимагl гьабиларо абун. Цинги жимагlги гьабичlого, цlар тlамун нахъеги йиччачlого, толаан гьей чlужу. Шаргlалъ хlукму гьабулеб буго гьеб гьа гьедиго квешаб жо букlиналда. Нагагь гьедин гьа гьедани чlужуялда абулеб буго ункъго моцlалъ сабро гьабеян, гьев рос жинда асклов вачlунадай абун. Цингиги гьев чlужуялда асклов лъугьинчlони гьесда шаргlалъ амру гьабула: я чlужуялда асклов лъугьа, яги гьей цlар тlамун нахъе йиччай абун. Гьелдаги рос рекъечlони имамас цlарги тlамула, гьей чlужуги гьесдаса хвасар гьаюла.

**228. Жидер цlар тlамурал руччабаз яхl гьабула** цоги росасе инчlого лъабго хlайз бихьизегlан. **Цинги гьел руччабазда лъанани жидеда жаниб лъимер букlин, гьеб иш балъго гьабичlого бицизе ккола, гьел Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ Аварагасдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, ахир къоялдаги божулел руччаби ругони. Гьел руччаби къинал рукlин лъараб мехалъ гьезул цlар**

وَٱلْمُطَلَّقَٰتُ يَتَرَبَّصْنَ بِأَنفُسِهِنَّ ثَلَٰثَةَ قُرُوٓءٍ وَلَا يَحِلُّ لَهُنَّ أَن يَكْتُمْنَ مَا خَلَقَ ٱللَّهُ فِىٓ أَرْحَامِهِنَّ إِن كُنَّ يُؤْمِنَّ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَبُعُولَتُهُنَّ أَحَقُّ بِرَدِّهِنَّ فِى ذَٰلِكَ إِنْ أَرَادُوٓا۟ إِصْلَٰحًا وَلَهُنَّ مِثْلُ ٱلَّذِى عَلَيْهِنَّ بِٱلْمَعْرُوفِ وَلِلرِّجَالِ عَلَيْهِنَّ دَرَجَةٌ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٢٨﴾

**т1амурал росаби х1акъал руго** (лъик1ал руго) **гьел руччабазе, гьезие цоцазда рекъезе ва маслах1ат гьабизе бокьани. Гьел руччабазе т1убазе кколеб х1акъ буго росабаздаги, росасе т1убазе кколеб х1акъ ч1ужуялда т1адги бугеб г1адин.**

Гьеб х1акъ буго цоцазе зарал гьабунгут1и, цоцазда гурх1ел-рах1мо бук1ин. Росас жинда т1адаб напакъа, рет1ел, рукъ, ва цогидабги бук1изаби, ч1ужуялъ шарг1ияб г1узро гьеч1ого рос жиндаса х1ажат т1убазе гьукъунгут1и. Ва цогидалги к1иязго г1умру цадахъ гьабулаго гьел жидеда х1ажалъулел ишал цоцалъ рекъон гьари буго рос-лъадиялъул шарг1алда рекъон хьвади.

**Ва бихьиназе руччабазда т1ад т1ок1лъи буго:** вижиналъулъ, хулукъазулъ, ч1ужу жиндие мут1иг1лъизе кколев вук1иналъулъ ва напакъа кьеялъулъги, кинабго хъизан-рукъалъул жаваб кьолев вук1ин ва гьеб хъизаналъул маслах1аталъе вахъун ч1олев вук1инги. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гуч бергьарав хан вуго ва жиндир ах1камал ц1акъ камилав х1акимги вуго.**

ٱلطَّلَٰقُ مَرَّتَانِ ۖ فَإِمْسَاكٌۢ بِمَعْرُوفٍ أَوْ تَسْرِيحٌۢ بِإِحْسَٰنٍ ۗ وَلَا يَحِلُّ لَكُمْ أَن تَأْخُذُوا۟ مِمَّآ ءَاتَيْتُمُوهُنَّ شَيْـًٔا إِلَّآ أَن يَخَافَآ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِ ۖ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا فِيمَا ٱفْتَدَتْ بِهِۦ ۗ تِلْكَ حُدُودُ ٱللَّهِ فَلَا تَعْتَدُوهَا ۚ وَمَن يَتَعَدَّ حُدُودَ ٱللَّهِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٢٢٩﴾

**229. Руччабазул ц1ар т1ами к1иго нухалъ буго.**

Цо нухалъ цо ц1ар т1амун тела ва к1иялго рекъоладай абун сабро гьабила г1идда т1убазег1ан. Цинги гьезие лъик1 бихьани **г1идда т1убалелде рос ч1ужуялда т1ад воссина ва цадахъ г1умро гьабила. Кинго жал цоцалъ рекъолел гьеч1они росас гьанжесаги ц1ар т1амила. Ч1ужуялъул ц1ар т1амураб мехалъ нужеца гьезие кьун бук1араб магьари нахъе бахъизе бегьиларо.**

**Гьаб буго нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1орхъаби ц1унизе к1оларо абун х1инкъич1они бугеб х1укму. Амма нуж х1инкъани Аллагьасул г1орхъаби ц1унизе к1оларин абун,** цояз цоязе кьезе кколеб х1акъги кьеларо, берцинго, х1ал рекъон рук1инаро абун, **цинги мунагь-х1акъ гьеч1о гьей ч1ужуялъ росасе магьари бугониги, цоги боц1и бугониги кьун жий йиччай т1алаб гьабуни ва росас гьеб боц1иги босани.**

**Гьал руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1орхъаби.** Нуж берцинго рук1ине, нужее маслах1аталъе лъурал. **Нужеца Аллагьасул г1орхъаби хвезаруге! Аллагьасул г1орхъаби хвезарулел г1адамал руго** Аллагьасул щцин бахъи ва г1акъуба жидеда щолел, **жидерго напсазе зулму гьабулел**

**г1адамал.**

**230. Х1акълъунго жинца ч1ужуялда лъабго ц1ар т1амураб мехалъ, гьесие гьей ч1ужу ячине х1арамлъула цоги росасеги ун, гьесул босадаги егун, гьесулгун жимаг1ги гьабун, цинги гьев росас ц1ар т1амун йиччан, г1иддаги т1убан хадуб ячани гурони.**

فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا تَحِلُّ لَهُۥ مِنۢ بَعۡدُ حَتَّىٰ تَنكِحَ زَوۡجًا غَيۡرَهُۥۗ فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِمَآ أَن يَتَرَاجَعَآ إِن ظَنَّآ أَن يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِۗ وَتِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِ يُبَيِّنُهَا لِقَوۡمٖ يَعۡلَمُونَ ٢٣٠

Ц1ар т1амизе къот1и гьабун магьари лъейи х1арамаб жо буго (х1оло магьари). Гьеб гьабулев чи Аллагьас ﷻ наг1ана кьурав вуго абун хирияв аварагасул ﷺ х1адисги буго. Лъабго ц1ар т1амун хадуб гьаб къвак1араб шарт1 т1убан хадуб гурони жиндир ч1ужулъун йик1арай г1аданалда магьари лъезе бегьунгут1иялъул маг1наги буго руччабазул ц1ар т1ами, гьел нахъриччай ургъич1ого гьабизе бегьулареб жо бук1ин лъазе ва шарг1алда какараб пиша бук1инги лъазе.

Дагьабниги ях1-намус бугев чи рекъоларо цоги чиясда гъоркьги егун хадуги жиндир ч1ужу т1ад юссинайизе. Гьедин бугелъул ч1ужуялда ц1ар т1амич1ого тейи лъик1 буго г1емер ургъун, киналго рахъал рорцун хадуб гурони.

Ц1ар т1ами шарт1 гьабич1ого (х1оло гьабич1ого) цогидасе арай г1адан, **гьев чияс ц1ар т1амун йиччараб мехалъ ва гьесдаса г1иддаги т1убараб мехалъ, цевеккун гьелъул рослъун вук1арасеги гьалъиеги жал рекъезе ва ц1идаса магьари лъун рос-лъадилъун рук1ине бокьани, гьеб шарг1алда бегьулеб жо буго, гьанжесалалъ гьабураб ригьин жал шарг1алда рекъон берцинго г1умро гьабун рук1ина абун гьезда рак1алда ккани,** гьедин рук1ине жудеца ният къасд гьабуни.

**Гьал т1адехун рехсарал ригьиналъул г1орхъаби ва х1укмаби Аллагьасул г1орхъаби руго, жидеда жо бич1ч1улел, Аллагь-авараг лъалел г1адамазе баян гьарулеллъун ругел.** Ва амма рек1елъ иман гьеч1еб, Аллагь-авараг лъалареб къавмалъе кинабг1аги ваг1за-насих1аталъ мунпаг1ат гьабуларо.

**231. Нужеца руччабазул ц1ар т1амураб мехалъ** ражг1ияб ц1ар т1амиялъ: цо ц1ар яги к1иго ц1ар т1амун, лъабабго ц1ар т1амич1ого, **цинги гьел руччабазул г1идда т1убазе мех**

وَإِذَا طَلَّقۡتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَبَلَغۡنَ أَجَلَهُنَّ فَأَمۡسِكُوهُنَّ بِمَعۡرُوفٍ أَوۡ سَرِّحُوهُنَّ بِمَعۡرُوفٖۚ وَلَا تُمۡسِكُوهُنَّ ضِرَارٗا لِّتَعۡتَدُواْۚ

وَمَن يَفْعَلْ ذَٰلِكَ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهُۥ ۚ وَلَا تَتَّخِذُوٓا۟
ءَايَٰتِ ٱللَّهِ هُزُوًا ۚ وَٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ
وَمَآ أَنزَلَ عَلَيْكُم مِّنَ ٱلْكِتَٰبِ وَٱلْحِكْمَةِ يَعِظُكُم بِهِۦ ۚ
وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٣١﴾

**г1агарлъидал, нужеца гьел руччаби т1ад руссизаре, нуж цацазда рекъон, берцинго рук1иналда хьул бугони, гьедин гьеч1они т1убан ц1арги т1амун гьей ч1ужу йиччан те. Нужеца гьел руччабазе къварилъи-зарал гьабун ц1арги т1амич1ого, рукъорги рачич1ого тоге. Гьаб г1амал гьабурав чи жиндирго напсалъе зулму гьабулев вуго:** гьелъул мунагь ва г1азаб жинда т1аде кколев вуго.

Цо г1адамаз ч1ужуялъул ц1ар т1амидалго, г1идда т1убалелде гьей т1ад юссинаюлей йик1ана. Цингиги ц1ар т1амулеб бук1ана. Гьанжесаги г1идда т1убазе г1агарлъидал лъабабилеб ц1ар т1умалеб бук1ана. Гьелдалъун гьав чиясул мурад бук1ана жиндир ч1ужуялъе къварилъи, зарал гьаби ва гьей цоги росасе ине квал-квал гьаби. Гьаб г1амал гьабулел г1адамазе х1инкъи кьун рещт1изабуна гьаб (231) аяталдаса церехун рицарал раг1аби.

**Нужеца Аллагьасул Къуръан ва гьелъул х1укмаби махсароде ккоге:** нужеего бокьараб х1алалъ маг1на гьабун, яги бокьараб жоялда г1амал гьабун, бокьич1еб жо г1амал гьабич1ого тун. **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан нужее ругел к1удиял ниг1маталги рак1алде щвезаре.** Бищун к1удияб ниг1матги Аллагь лъалеллъун, авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рит1ухъ гьавулеллъун Аллагьас гьари буго.

**Ва нужеда Аллагьас рещт1изабураб хирияб къуръанги, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул бац1ц1адаб нухги (суннатги) рак1алда бук1а** ва нужеца гьелда г1амалги гьабе: Аллагьас гьаб к1иябго жоялдалъун **нуж бит1араб нухалда т1орит1улел руго ва гьеб нужее ваг1за-насих1атги буго. Ва нуж т1адег1анав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **г1азабалдасаги х1инкъа ва нужеда лъай гьев Бет1ергьан Аллагь жинда кинабго жо лъалев вук1ин.** Нужер загьираб г1амал лъалеб г1адин, нужер рек1ел х1алалги лъала Аллагьасда.

وَإِذَا طَلَّقْتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَبَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَلَا
تَعْضُلُوهُنَّ أَن يَنكِحْنَ أَزْوَٰجَهُنَّ إِذَا تَرَٰضَوْا۟
بَيْنَهُم بِٱلْمَعْرُوفِ ۗ ذَٰلِكَ يُوعَظُ بِهِۦ مَن كَانَ مِنكُمْ
يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ ۗ ذَٰلِكُمْ أَزْكَىٰ لَكُمْ
وَأَطْهَرُ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٢٣٢﴾

**232. Ва нужеца руччабазул ражг1ияб ц1ар т1амун г1идда т1убараб мехалъ:** цо яги к1иго ц1ар т1амун т1убанго гьей ят1алъараб мехалъ, **нужеца гьел руччаби нахъч1ваге довго росасе ц1идаса магьари лъун ине бокьани, гьел к1иялго цоцазда рекъон, ц1идаса рос-лъадилъун рук1ине рекъон ругеб**

**мехалъ.**

**Гьаб буго нужее гьабулеб вагlза-насихlат, нужедаса Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги божулев чиясе. Гьаб вагlза-насихlат боси нужее дунял-ахираталъе лъикlаб буго ва нуж мунагьазул чороклъиялдаса цlунулебги буго. Хlакълъунго Аллагь ﷻ жинда кинабго жоялъул загьирабги батlинабги рахъ лъалев вуго ва амма нуж цlакъго дагьаб гурони лъай гьечlел руго.** Гьадин бугелъул Аллагьасул ﷻ амру-нагьюялда нахърилълъун хьвадани нужее лъикlаб буго, нужерго гlакълоялда божун, гьелда нахърилълъун рукlинчlого.

Гьаб цlар тlамиялъул масъала жиндир рахъал гlемераб, жинда жаниб гlемераб бахlс бугеб ва муъминзабазе асклорго къачlого рукlине рекъараб бугелъул, гьалъие баян кьечlого толеб буго. Кинниги бицинчlого гlолареб жо буго:

1)-Цlар тlамизе ва чlужу йиччазе шаргlалда ихтияр букlин жинда жаниб хlикмат кlудияб жо буго. Нилъеда гьеб хlикмат бичlчlизе ккола насранияб диналда ригьин биххизе ихтияр гьечlеб букlиналъ гьел кинал кlудиял пасалъабазда жанир кколебъи бихьараб мехалъ. Хlатта росс-лъадилъун ругел чагlи цоцазеги лъан, цогидал жидер вокьулелгун цадахъ зина гьабулел руго, къаси цо рукъорги руссулел ва жал рос-лъади ругинги абулел руго.

2)-Цlар тlами кlиго нухалъ гьаби ва гlидда тlубачlого тlад вуссине рес букlиналъул магlна буго: рос-лъади цоцазда цадахъ ругеб мехалъ гьезда лъаларо жал ратlалъараб мехалъ гьез гьабизе бугеб гlамал: реклекълъулищ жал, яги реклекълъуларищ. Цо цlарги тlамун гlидда тlубазегlан мехалъ гьезие ургъизе замана букlуна ва тlад руссизе бокьани, тlад руссизе ихтиярги букlула.

3)-Цlар тlами шаргlалда хlалалаб бугониги, жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хlадис буго: *«Бищун жинда Аллагьасул ццин бахъулеб хlалалаб жо буго цlар тlами»* – абун. Хlадис загlипаб буго. Гьаб хlадисалъулги ва цогидал хlадисазулги магlна буго дагьабго жо сабаблъун, нахъе ругел, тlаде рачlунел умуразухъ балагьичlого, ригьин бихxи ва лъимал-хъизан къварид гьари шаргlалда хlарамаб жо букlин.

4)-Цин рос-лъадилъун рукlарал чагlи кlиабизеги магьари лъун рос-лъадилъун рахъине бегьиги Аллагьасул гурхlел ва хlикмат буго. Гьоркьоб заманги ун, къварилъи гlатlилъиги хlехьон гьел кlияздаго цlидасан данделъизе берцин бихьараб мехалъ, гьелда жаниб маслахlат букlуна ва гьезул ригьин даимлъиялда хьул букlуна.

Аллагьас ﷻ амру гьабун руччабазул рализабазда абулеб буго: «Ч1ужуг1адан нахъч1ваге, гьей цеве вук1арав росасе ине рекъараб мехалъ» – абун. Гьаб раг1иялдаса х1укму босула валиясул изно гьеч1ого ч1ужуг1адан росасе ине бегьуларин абун. Кинниги гьаб масъалаги г1алимзаби жиндилъ хилиплъараб буго ва щибаб бак1, х1ал бихьун х1укму гьабулебги буго.

5)-Россас къварилъи гьабулеб бугони, гьесул дин ва дунял Аллагь ﷻ разияб гьеч1они ва гьевгун г1умро гьабизе зах1малъун бугони, ч1ужуялъе ихтияр буго гьев росасдаса хвасарлъизе: гьесие боц1и-мал кьун жий нахъйиччай т1алаб гьабизе. Гьаб масъалаялда ц1ар буго хулг1 гьаби. Гьаб масъалаги руччабазда лъазе ккола гьезие шарг1ияб х1алалъ ригьин бихизе бугеб ихтияр бук1ин. Ва амма г1емер ургъун, жиндир валиясда данд бан, г1едег1ич1ого гьабила хулг1, нагагь гьелда х1ажалъи бугони.

Ц1ар т1амиялда, т1ад руссиналда, хулг1 гьабиялда хурхарал масъалаби г1алимчиясдаги гьикъун, гьесулгун данд бан гьабизе лъик1 буго, хадуб пашманлъи ва зах1малъи т1ад бач1ич1ого бук1изе.

Аллагьас нилъеда х1акъаб жо лъазабеги ва гьелда нахърилълъине тавпикъги кьеги. Амин.

*وَٱلۡوَٰلِدَٰتُ يُرۡضِعۡنَ أَوۡلَٰدَهُنَّ حَوۡلَيۡنِ كَامِلَيۡنِۖ
لِمَنۡ أَرَادَ أَن يُتِمَّ ٱلرَّضَاعَةَۚ وَعَلَى ٱلۡمَوۡلُودِ لَهُۥ
رِزۡقُهُنَّ وَكِسۡوَتُهُنَّ بِٱلۡمَعۡرُوفِۚ لَا تُكَلَّفُ
نَفۡسٌ إِلَّا وُسۡعَهَاۚ لَا تُضَآرَّ وَٰلِدَةُۢ بِوَلَدِهَا
وَلَا مَوۡلُودٞ لَّهُۥ بِوَلَدِهِۦۚ وَعَلَى ٱلۡوَارِثِ مِثۡلُ ذَٰلِكَۗ
فَإِنۡ أَرَادَا فِصَالًا عَن تَرَاضٖ مِّنۡهُمَا وَتَشَاوُرٖ
فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِمَاۗ وَإِنۡ أَرَدتُّمۡ أَن تَسۡتَرۡضِعُوٓاْ
أَوۡلَٰدَكُمۡ فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡكُمۡ إِذَا سَلَّمۡتُم
مَّآ ءَاتَيۡتُم بِٱلۡمَعۡرُوفِۗ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَٱعۡلَمُوٓاْ
أَنَّ ٱللَّهَ بِمَا تَعۡمَلُونَ بَصِيرٞ ٢٣٣

**233. Жинца лъимер гьабурай эбелалъ гьеб лъимер хахизе гьабила т1убараб к1иго соналъ, хахиялъул заман т1убазаби бокьарал г1адамазе. Жиндие лъимер гьабурав инсудаги т1адаб буго гьеб лъимер хахизабулей ч1ужуялъе гьелда рекъараб рет1ел ва квен кьезе.** Гьей ч1ужу ц1ар т1амун ят1алъарай йигониги, гьелъие къвариг1араб жо кьела жиндир лъимер гьелъ хахизабулеб, ва хьихьулеб бугеб заманаялъ. **Цониги напсалда х1ал гьабуларо ва гьелда т1ад къаларо х1алк1олеб жо гурони.** Гьеб квен, рет1ел ва цогидаб руччабазе къвариг1унеб жо кьезе ккола гьесул рес-мах1алалда балагьун. **Лъимер гьабурай эбелалъе ва жиндие лъимер гьабурасеги зарал гьабизе бегьуларо.** Гьединго эбел-инсуца лъимералъе зарал гьабизеги бегьуларо. Гьалъул х1асил буго рос-лъадиялъ цоцазе квешлъи гьабизе бегьуларо ва цоцазе квешлъи гьабулаян абун лъимералъе зарал бугеб ишги гьабизе бегьуларо.

Лъимералъул эмен хун вугони, **гьесул бак1алда вугев жинца ирс босулев чи** (жинца гьеб лъимералъул жаваб кьезе кколев чи), **дов инсуда релълъун вуго гьаб цебехун бицараб жоялъулъ.** Лъимер хахизаби ва гьеб лъимер хьихьаразе напакъа кьезе гьезда т1адаб бук1ула. **Нагагь эбел-инсуе лъимер к1иго сон т1убалелдего керееналдаса т1езабизе бокьани ва к1иялго гьелда жаниб маслах1ат бук1иналда рекъонги ругони, гьеб лъимер карандаса т1езабиялда жаниб мунагь-къварилъи гьеч1о.**

**Нужер лъимер хахизе ва хьихьизе цоги ч1ужуг1адан йиччазе бокьани:** лъимералъул эбел унтун йик1ун, яги гьей ц1ар т1амурай йик1ун, цогидав чиясе росасе уней йик1ун, яги цоги г1илла бук1ун, **гьеб ишалъулъги нужее мунагь-х1акъ гьеч1о, жинца лъимер хахизе бачарай г1аданалъе гьей разияб ужра-мухьги кьолеб бугони. Ва нуж Аллагьасул ﷻ г1азабалдаса х1инкъа гьал ах1камал хвезаризе, ва хиянат -зулмо гьабизе. Ва нужеда лъай х1акълъунго т1адег1анав Аллагь ﷻ нужер г1амал жинда бихьулев вук1ин** ва гьесдаса щибго жо балъго хут1улареблъиги.

**234. Нужер цояв хвараб мехалъ, гьесул руччаби ругони** (к1иго, лъабго, ункъго ч1ужу), **гьел руччабаз россасе ине къасд гьабич1ого сабро гьабизе ккела ункъго моц1ги анц1го къоялъги.**

وَالَّذِينَ يُتَوَفَّوْنَ مِنكُمْ وَيَذَرُونَ أَزْوَاجًا يَتَرَبَّصْنَ بِأَنفُسِهِنَّ أَرْبَعَةَ أَشْهُرٍ وَعَشْرًا فَإِذَا بَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيمَا فَعَلْنَ فِي أَنفُسِهِنَّ بِالْمَعْرُوفِ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿٢٣٤﴾

Гьаб заманаялъ руччаби рокъорги ч1ч1езе ккола, берцинаб рет1ел рет1изе, гьуин мах1 гьабизеги бегьуларо. Гьаб буго маг1арул мац1алда «ч1ег1ер бай» абулеб жо. Росс хварай ч1ужуялъе бугеб х1укму буго гьаб. Цоги эмен, вас, вац хвана абун ч1ег1ер бай бук1уларо. Нагагь гьел руччаби лъабго къоялдаса ц1ик1к1ун заманалъ ч1ег1ер бан ч1ч1ани, гьезие мунагь буго ва гьеб х1арамаб буго: гьеб буго Аллагьасул ﷻ къадаралда рази гьеч1олъи ва жидер иман заг1ипаб бук1ин бихьизабулеб г1аламат. жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго: *«Жинца Аллагьасдаги ахиркъиямасеб къоялдаги ийман лъурай г1аданалъе бегьуларо лъабго къоялдасан т1адехун ч1ег1ер базе, рос хварай ч1ужу хут1изег1ан, гьелъ бала ункъго моц1ги анц1го къоялъ».* Х1адис имам Бухарияс бицана.

**Цинги ч1ег1ер баялъул заман т1убадалго нужеда щибго мунагь гьеч1о** гьел руччабаз берцинаб рет1ел рет1аниги, жий гьарун вач1арав чиясе жаваб кьуниги, **гьез гьабулеб г1амал шарг1алда рекъон**

**бугебг1ан мехалъ. Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нужеца гьабулеб г1амал жинда лъалев,** гьелда данде жазаъ гьабулев вуго.

وَلَا جُنَاحَ عَلَيۡكُمۡ فِيمَا عَرَّضۡتُم بِهِۦ مِنۡ
خِطۡبَةِ ٱلنِّسَآءِ أَوۡ أَكۡنَنتُمۡ فِيٓ أَنفُسِكُمۡۚ عَلِمَ
ٱللَّهُ أَنَّكُمۡ سَتَذۡكُرُونَهُنَّ وَلَٰكِن
لَّا تُوَاعِدُوهُنَّ سِرًّا إِلَّآ أَن تَقُولُواْ قَوۡلٗا
مَّعۡرُوفٗاۚ وَلَا تَعۡزِمُواْ عُقۡدَةَ ٱلنِّكَاحِ حَتَّىٰ
يَبۡلُغَ ٱلۡكِتَٰبُ أَجَلَهُۥۚ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُ
مَا فِيٓ أَنفُسِكُمۡ فَٱحۡذَرُوهُۚ وَٱعۡلَمُوٓاْ
أَنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ حَلِيمٞ ٢٣٥

**235. Нужеда мунагь х1акъ гьеч1о я гьал бихьинал, рос хварай г1аданалда ригьиналъул бицен гьабуни, баянго гьезда дие яч1а абич1ого. Гьединго нужер рек1елъ гьел руччаби рачине къасд кканиги мунагь гьеч1о. Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца гьел руччабазда хит1аб гьабизе бук1ин.**
**Кинниги г1идда т1убазег1ан ва ч1ег1ер бахьинег1ан нужеца гьел руччабазулгун балъгояб къот1и гьабуге** г1идда т1убарабго дица мун ячине йигин абун. **Нужее шарг1алда бегьизабураб х1алалъ бакка-бахъи гьабун те. Ва нужеца гьел рачизе къасдги гьабуге гьезул г1идда т1убан хадуб гурони. Нужедаги лъан бук1а Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нужер рек1ел хиялалги лъалев вук1ин ва нуж гьев Аллагьасул ццин бахъунеб жо гьабиялдаса рик1к1алъе.**
**Ва нужеда жегиги лъай гьев Аллагь жинца мунагьал чурулев вук1ин. Жив гурх1улевги вук1ин**. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азабалдаса х1инкъун, гьит1иналги к1удиялги мунагьал тун хьвадулел муъминзабазда.

لَّا جُنَاحَ عَلَيۡكُمۡ إِن طَلَّقۡتُمُ ٱلنِّسَآءَ مَا لَمۡ
تَمَسُّوهُنَّ أَوۡ تَفۡرِضُواْ لَهُنَّ فَرِيضَةٗۚ
وَمَتِّعُوهُنَّ عَلَى ٱلۡمُوسِعِ قَدَرُهُۥ وَعَلَى ٱلۡمُقۡتِرِ
قَدَرُهُۥ مَتَٰعَۢا بِٱلۡمَعۡرُوفِۖ حَقًّا عَلَى ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٢٣٦

**236. Нужее мунагь-х1акъ гьеч1о магьари лъурай г1аданалда ц1ар т1амуни, гьелда жимаг1 гьабич1ого бук1ун ва гьелъие магьаридае жоги лъеч1ого бук1ун.**
Цо маслах1ат бук1ун, яги цо рес къот1и ккун гьадин ц1ар т1ами шарг1алда г1айиб ч1валеб жо гьеч1о. **Гьедин ц1ар т1амурал руччабазе нужеца щиб бук1аниги рес рекъараб боц1и кье:** цо рет1ел гьабун, яги г1арац кьун.
**Гьеб боц1и щивав чиясул рес-мах1алалда рекъон кье; бечедас жинда рекъараб къадар кье, мискинас жинда рекъараб кье.** Гьезда ц1ар т1амун гьел руччабазда щвараб рек1ел къварилъи бигьа гьабизе цо сабаб буго гьаб. **Ва гьаб боц1и кьей лъик1ал муъминзабазул**

**х1акъ буго ва гьезул т1абиг1атги буго.**

وَإِن طَلَّقْتُمُوهُنَّ مِن قَبْلِ أَن تَمَسُّوهُنَّ وَقَدْ
فَرَضْتُمْ لَهُنَّ فَرِيضَةً فَنِصْفُ مَا فَرَضْتُمْ
إِلَّآ أَن يَعْفُونَ أَوْ يَعْفُوَا۟ ٱلَّذِى بِيَدِهِۦ عُقْدَةُ
ٱلنِّكَاحِ ۚ وَأَن تَعْفُوٓا۟ أَقْرَبُ لِلتَّقْوَىٰ ۚ وَلَا تَنسَوُا۟
ٱلْفَضْلَ بَيْنَكُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ
بَصِيرٌ ٢٣٧

**237. Нужеца гьел руччабазда ц1ар т1амуни гьезда нуж хъат1илелде цебе** (жимаг1 гьабич1ого) **ва нужеца гьезие магьариде боц1иги лъун бук1ун батани, нужеца гьезие кье гьеб магьариде лъураб боц1иялъул бащадаб. Нагагь гьел руччабаца т1аса лъугьун тани, яги гьезул квер кколев валияс т1аса лъугьун тани, цинги щибго кьеч1ого тезе бегьула.**

**Ва нуж цоцазда т1аса лъугьани ва цоцазул х1акъги т1аса лъугьун тани, гьеб Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъарал г1адамазул г1амал буго. Ва нужеда к1очонге нужеда гьоркьоб бук1араб лъик1лъи ва цоцазде бук1араб рокьи–хинлъи. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца гьабулеб г1амал бихьулев ва лъалев вуго.**

Ц1ар т1амиялда хурхарал аятазул ахиралда Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ваг1за гьабулеб буго нужеда гьоркьоб бук1араб лъик1лъи ва рокьи-хинлъи к1очонге абун. Гьалъул мурадги буго ригьин биххана абун нужеца цоцазде тущманлъи ккоге ва исламияб диналъул вацлъи хвезабуге абураб. Х1акъикъаталда нилъеда бихьулеб жо буго ригьин биххун хадур гьел г1адамал ц1акъ цоцазе рихарал тущбаби лъугьунеблъи. Жинда кант1изе рекъараб масъала буго гьаб.

حَٰفِظُوا۟ عَلَى ٱلصَّلَوَٰتِ وَٱلصَّلَوٰةِ
ٱلْوُسْطَىٰ وَقُومُوا۟ لِلَّهِ قَٰنِتِينَ ٢٣٨

**238. Нужеца т1адч1ей гьабе, я гьал муъминзаби, паризаял какал г1ужда раялда ва камилго раялда. Хасго бакъанил как г1ужда баялда ва мух1канго баялда т1адч1ей гьабе:**

гьеб как буго малаикзабаз хал гьабулеб ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ццебе гьез нуг1лъи гьабулеб. **Ва нуж как балеб мехалъ Аллагьасда цере рахъун ч1а Аллагьсе х1елун, гьесдаса х1инкъун, Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **тун нахъияб жоялдаса машгъуллъун.**

فَإِنْ خِفْتُمْ فَرِجَالًا أَوْ رُكْبَانًا ۖ فَإِذَآ
أَمِنتُمْ فَٱذْكُرُوا۟ ٱللَّهَ كَمَا عَلَّمَكُم
مَّا لَمْ تَكُونُوا۟ تَعْلَمُونَ ٢٣٩

**239. Нуж х1инкъараб х1алалъулъ ругони:** рагъулъ рук1ун я цоги х1инкъараб бак1 бук1ун, **нужеца как бай рилълъанхъун унаго ва рек1унеб жоялда т1ад рук1адго.** Как бач1ого тезе изно бук1уларо г1акъло хисун гьеч1ебг1ан мехалъ: ахирабги гьесул

как бай бук1ула какил г1уж щвараб мехалъ жинца рек1ехъе как балеб сурат х1исаб гьаби. Гьадиг1анго зах1мат гьабун шарг1алъ т1ад гьабураб как, щибго г1илла гьеч1ого, ц1акъ бигьаго толел бусурбаби руго. Аллагьас гьезие кант1и кьеги. **Цинги х1инкъи т1аса ун нуж парахалъараб мехалъ, нужеца как бай Аллагьас** ﷻ **т1ад лъураб х1алалъ** ва аварагас ﷺ малъараб х1алалъ. **Нужеда Аллагьас лъазабун буго нужеда лъалареб бук1араб дин ва нуж иманалде т1орит1ун руго.** Гьелда щукро гьабун нужеца Аллагь разилъулеб г1амал гьабе.

**240. Нужер цояв хвалил унти ч1ван хвалда х1инкъун вугони, гьев чиясул руччабиги ругони, гьес васият гьабизе ккела жиндир руччабазе цо лъаг1елалъ квен ва рет1ел кье абун ва гьел рокъоса къват1ирги рахъизаруге абун.**

وَٱلَّذِينَ يُتَوَفَّوْنَ مِنكُمْ وَيَذَرُونَ
أَزْوَٰجًا وَصِيَّةً لِّأَزْوَٰجِهِم مَّتَٰعًا إِلَى
ٱلْحَوْلِ غَيْرَ إِخْرَاجٍ فَإِنْ خَرَجْنَ فَلَا جُنَاحَ
عَلَيْكُمْ فِى مَا فَعَلْنَ فِىٓ أَنفُسِهِنَّ مِن
مَّعْرُوفٍ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٤٠﴾

Гьаб буго исламалъул авалалда бук1араб х1укму. Хадуб гьаб х1укму хисун аят бач1ана гьел руччабазеункъго моц1ги анц1го къоги г1идда бихьизабун ва гьеб заманаялъ гьезие напакъаги рукъги кьезе бихьизабун.

**Нагагь гьел руччаби г1идда т1убач1ого рукъоса къват1ир рахъани, нужее мунагь х1акъ гьеч1о гьез гьабураб жоялъул.** Берцинаб рет1ел рет1ун, гьуин мах1 гьабун гьей хьвадиялъул г1айиб гьелда бук1ула. **Т1адег1анав Аллагь** ﷻ **жиндир гуч бергьарав, жиндир ишазулъ х1акимияв вуго.** Жинда жаниб цо х1икмат, пайда гьеч1еб жо гьабуларев вуго ва лагъзадерида гьабеян абуларев вуго.

**241. Жидер ц1ар т1амун риччарал руччабазе цо дагьабниги боц1и кьейи т1адаб буго Аллагьасдаса** ﷻ **х1инкъулел муъминзабазда.**

وَلِلْمُطَلَّقَٰتِ مَتَٰعٌۢ بِٱلْمَعْرُوفِ حَقًّا عَلَى
ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٢٤١﴾

Гьел руччаби г1иддаялда ругеб мехалъ гьел ракl къварилъун, пашманлъун рук1уна ва гьезие кумек гьаби буго гьаб боц1и кьей.

**242. Т1адег1анав Аллагьас** ﷻ **гьадин баян гьарун рицула жиндир шарг1иял ах1камал, нужеца гьезда г1амал гьабизе, нужеда гьел ах1камал лъазе ва гьезул пикру гьабизе.**

كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمْ ءَايَٰتِهِۦ
لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٢٤٢﴾

Т1адег1анав Аллагьас ﷻ хъизан-рукъалъул ах1камал рициндалго

ва гьезда гьоркьор кколел хилапалги, гьезие гьабулеб маслах1атги бициндалго, гьалда хаду жигьадалъул ах1камал рицана. Гьеб жигьад бугелъул диналъул аслу ц1унулеб, диналъул хиралъабиги ц1унулеб жо, гьединго кинабго халкъалъе рах1атги, парахалъиги ц1унулеб жо. Цересел умматазул мисалал рачана, Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарал дагьал г1адамал г1емерал г1адамаздаса бергьунеблъиги бицана. Бат1улаб жо г1емераб бук1иналда бараб иш бук1уларо. Х1акъаб диналъе квербакъулел г1адамал х1акъаб жоялда ч1ейги, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухда гьез жигьад гьабиги буго Аллагьасе бокьулеб ва гьес жиндие квербакъулеб г1амал.

**243. Мун кин валагьуларев** (дуца пикро гьабе) **гьел г1адамазда, хвалидаса х1инкъун жидер рукъзабахъа къват1ир рахъарал, гьелги аза-азар рук1арал. Цинги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьел рагъго гьеч1ого хвезаруна, хадур ч1агоги гьаруна.**

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ خَرَجُوا مِن دِيَارِهِمْ وَهُمْ أُلُوفٌ حَذَرَ الْمَوْتِ فَقَالَ لَهُمُ اللَّهُ مُوتُوا ثُمَّ أَحْيَاهُمْ إِنَّ اللَّهَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَشْكُرُونَ ﴿٢٤٣﴾

Гьал руго бануисраилаздаса цо къавм. Аварагас жал жигьадалде ах1араб мехалъ гьел амруялъе мут1иг1лъич1ого росабалъа къват1ир рахъун г1алахалде лъутана. Цинги гьезул аварагасул (Х1азкъил авараг) гьари къабул гьабун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел микьго къоялъ хвезарун тана, хадур ч1аго гьаруна. Гьаб къиса бициялдаса мурад буго Аллагьасул къадаралдаса рорч1изе бак1 гьеч1олъи ва гьесдаса лъутун ине бак1 гьеч1еблъиги лъай.

**Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **г1адамазе г1емер лъик1лъи ва гурх1ел гьабулев вуго, гьезда дунял-ахираталъе лъик1лъи бугеб жо малъулевги вуго. Ва амма г1емерисел г1адамал жидеда Аллагьасул лъик1лъи ва гьесул ниг1матал лъаларел ва гьесие щукру гьабуларел руго.**

**244. Нужеца Аллагьасул диналъе г1оло рагъ гьабе ва нужеда лъай т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца бицулеб жо раг1улев ва нужер г1амалалал ва хиялал лъалев вук1ин.**

وَقَاتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٤٤﴾

**245. Нужедаса щив вугев жинца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун, гьесул дин т1адег1ан гьабизе къарзалъе боц1и кьолев, гьев чиясул къарз Аллагьас**

مَّن ذَا الَّذِي يُقْرِضُ اللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا فَيُضَاعِفَهُ لَهُ أَضْعَافًا كَثِيرَةً وَاللَّهُ يَقْبِضُ وَيَبْسُطُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٢٤٥﴾

**г1емер ц1ик1изабун, ахираталда к1удияб хазиналъун гьесие кьезе?**

Дунялалдагоги кьела Аллагьас ﷻ гьесие, жинца кьуралдаса г1емераб ва лъик1аб боц1и: гьев вугелъул жинца бечедазулги ханлъун вугев Аллагьасе къарз кьурав ва гьев Аллагь налъи кьезе к1оларев, яги налъи кьеч1ого ч1ун зулму гьабулев гьеч1елъул.

**Т1адег1анав Аллагь ﷻ цоязе дагь ризкъи кьолев вуго,** гьезул пакъирлъиялдалъун х1албихьизе. **Цогидазе г1емер боц1и кьолев вуго,** гьезул бечед гьарун х1албихьизе. **Ахир киналго Аллагьасде ﷻ руссунел руго** жидер г1амалазда рекъараб жазаъ гьабизе.

Гьаб хирияб аят рещт1араб мехалъ, жинда Аллагь разилъаяв Абудах1дах1 абулев ансарияв асх1аб вач1ана аварагасухъе ﷺ, ва жинца абуна: *«Я Бичасул аварag ﷺ, Унгого Аллагьасе ﷻ нилъеца къарзалъе боц1и кьейи бокьунищ бугеб?» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бокьун буго, я Абудах1дах1» - абун. Цинги Абудах1дах1ица رضي الله عنه абуна: «Бихье дур квер дида, я расулуллагь ﷺ» – абун. Цинги аварагасул кверги ккун абуна: «дица дир Бет1ергьан Аллагьасе къарзалъе кьуна дир ах» – абун.*

*Гьеб бук1ана анлъунусго чамасдакил гъвет1 жаниб бугеб ах. Цинги жиндир хъизамалда аск1ов вач1ун гьев ах1дана: « я Умудах1дах1 Нуж гьаб ахикьан къват1ире рахъа, дица гьеб бет1ергьан Аллагьасе ﷻ кьураб буго»* – абун.

Гьаб х1адис бицана т1абаранияс Ибнумасг1уд رضي الله عنه асх1абасдаса. Гьединго ибну аби х1атимицаги. Жал киназдаго Аллагь разилъаги ва нилъги гьезда нахъ рилълъизареги.

**246. Мун валагьун пикру гьабе Мух1аммад ﷺ, бануисраилазул Муса аварag хун хадуб бук1араб цо къавмалъул ккараб жоялда: гьеб къавмалъ жидер аварагасда** (Шамг1унида) **абураб мехалъ: «Дуца нижее цо амир гьаве, нижер цевехъанлъун вук1ине ва ниж Аллагьасул тущбабазде данде рагъизе рачулев»–абун.**

**Гьев аварагас абуна: «Нужее бокьунищ бугеб нужеда гъазават гьаби парз гьабураб мехалъ нуж рагъде**

أَلَمۡ تَرَ إِلَى ٱلۡمَلَإِ مِنۢ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ مِنۢ
بَعۡدِ مُوسَىٰٓ إِذۡ قَالُواْ لِنَبِيّٖ لَّهُمُ ٱبۡعَثۡ
لَنَا مَلِكٗا نُّقَٰتِلۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِۖ قَالَ هَلۡ
عَسَيۡتُمۡ إِن كُتِبَ عَلَيۡكُمُ ٱلۡقِتَالُ أَلَّا
تُقَٰتِلُواْۖ قَالُواْ وَمَا لَنَآ أَلَّا نُقَٰتِلَ فِي
سَبِيلِ ٱللَّهِ وَقَدۡ أُخۡرِجۡنَا مِن دِيَٰرِنَا
وَأَبۡنَآئِنَاۖ فَلَمَّا كُتِبَ عَلَيۡهِمُ ٱلۡقِتَالُ
تَوَلَّوۡاْ إِلَّا قَلِيلٗا مِّنۡهُمۡۚ وَٱللَّهُ عَلِيمُۢ
بِٱلظَّٰلِمِينَ ٢٤٦

**рахъинч1ого рук1изе?» – абун. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижее бугеб щиб ниж тущманасда рагъич1ого рук1ине, х1акълъунго ниж нижерго рукъзабахъа къват1ирги гъун рук1адго, нижер лъималги асир гьарун рук1адго» - абун.**

**Цинги гьезда гъазават парз гьабураб мехалъ ва рагъда рахъаян амруги гьабураб мехалъ, гьезул г1емерисел х1инкъана къват1ир рахъизе, ц1акъго дагьал г1адамал хут1изег1ан.** Гьал дагьал г1адамал руго Т1алутгун цадахъ г1ор бахун дорехун арал. **Т1адег1анав Аллагь** ﷻ **жинда лъалев вуго жиндир амруялда мут1иг1лъич1ел зулмуял г1адамал** ва гьезие квешаб жазаъ бук1ине буго.

وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ إِنَّ ٱللَّهَ قَدْ بَعَثَ لَكُمْ طَالُوتَ مَلِكًا ۚ قَالُوٓا۟ أَنَّىٰ يَكُونُ لَهُ ٱلْمُلْكُ عَلَيْنَا وَنَحْنُ أَحَقُّ بِٱلْمُلْكِ مِنْهُ وَلَمْ يُؤْتَ سَعَةً مِّنَ ٱلْمَالِ ۚ قَالَ إِنَّ ٱللَّهَ ٱصْطَفَىٰهُ عَلَيْكُمْ وَزَادَهُۥ بَسْطَةً فِى ٱلْعِلْمِ وَٱلْجِسْمِ ۖ وَٱللَّهُ يُؤْتِى مُلْكَهُۥ مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٤٧﴾

**247. Гьеб къавмалда гьезул аварагас абуна: «Х1акълъунго Аллагьас** ﷻ **нужее амирлъун вит1ун вуго Т1алут абулев чи»- абун. Къавмалъ абуна: «Кисан бук1унеб гьев Т1алутие нижеда т1ад амирлъи ва ханлъи, ниж х1акъал руго гьеб ханлъи ва т1адлъи нижехъе бук1ине. Гьесие боц1иги кьун гьеч1о, бечелъиги гьеч1о»–** абун.

Нижеда гьоркьор руго бечелъиги, г1адамазда гьоркьоб къадруги бугел г1адамал. Щибго жиндир гьунар гьеч1ев, я къадру-къимат гьеч1ев чиясе кин ниж мут1иг1лъилел?- абун.

**Аварагас гьезда абуна: «Х1акълъунго Аллагьас** ﷻ **гьев нужедаса т1ок1 гьавун вуго жиндир г1елму-г1акълуялдалъун ва гучаб, къуватаб черхалдалъунги»**–абун.

Гьаб раг1иялдаса бичIч1улеб буго цо г1адамазул яги к1удияб къавмалъул цевехъанлъун вугев чиясулъ бищунго цебе г1елму ва г1акълу бук1ине ккей, жиндир ишазулъ гьев вит1ун вук1ине ккани ва халкъалъул маслах1атал ц1унизе лъазе ккани. К1иабилебги сахаб, къуватаб черх бук1изе ккола, г1адамал гьесда божизе жидер цевехъан живги ва г1адамалги тушманасдаса ц1унизе к1олев вугин абун. Тущманасул рек1елъ х1инкъиги рехизе, жиндаго т1аде рач1унел къварилъабиги х1ехьезе.

**Х1акълъунго Аллагь** ﷻ **жиндие бокьарав чиясе амирлъи ва ханлъи кьолев вуго ва гьев Аллагь** ﷻ **жиндир г1елму-лъай ц1акъ г1ат1идав вуго.** Аллагьас цо чи т1аса вищараб мехалъ жив амирлъун вук1ине, гьев чиясе Аллагьас ﷻ халкъ хадуб бачизе ва

гьезул маслах1атал ц1унизе сабабалги рекъезарула.

وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ إِنَّ ءَايَةَ مُلْكِهِۦٓ
أَن يَأْتِيَكُمُ ٱلتَّابُوتُ فِيهِ
سَكِينَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَبَقِيَّةٌ مِّمَّا
تَرَكَ ءَالُ مُوسَىٰ وَءَالُ هَٰرُونَ
تَحْمِلُهُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً
لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٢٤٨﴾

**248.** Цинги къавмалъ т1алаб гьабидал щибха бугеб г1аламат гьев нижер амирлъун гьавун вук1иналъе абун, **гьеб къавмалда аварагас абуна: Гьав Т1алут нужеда т1ад амирлъун вук1иналъе г1аламат буго гьесухъе зодиса рещт1ун цо гъамас бач1ин. Жинда жаниб нужее рак1ал г1одоричча ва парахалъи бугеб, гьединго Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ ва Гьарун عَلَيْهِ السَّلَامُ аврагасул нахъе хут1арал г1аламаталги ругеб. Гьеб гъамасги малаикзабаз босун бач1изе буго нужедаги бихьун абун.**

Гьеб гъамас бук1ана Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул заманалъго бук1араб, жинда жаниб Таврат ц1унун бук1унеб ва тущбабазде рагъде унеб мехалъ Муса аварагас цадахъ босун боязда цебе бук1унеб бук1араб. Гьеб гъамас бануисраилазухъан бат1алъун бук1ана. Гъамас балагьун г1адамалгун Т1алутида ццебе рещт1ун бач1ана. Гьелда жаниб Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ г1анса бук1ана, гьесул рет1елги бук1ана, Таврат т1ад хъварал лавх1ал (хъарщалги) рук1ана.

Гьаб гъамас зодисан бач1ун нужеда цебе рещт1ин **нужее г1аламат ва муг1жизат буго Т1алут амирлъун вук1иналде, нуж Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва ахираталда иман лъурал г1адамал ратани.**

فَلَمَّا فَصَلَ طَالُوتُ بِٱلْجُنُودِ قَالَ إِنَّ
ٱللَّهَ مُبْتَلِيكُم بِنَهَرٍ فَمَن شَرِبَ مِنْهُ فَلَيْسَ
مِنِّى وَمَن لَّمْ يَطْعَمْهُ فَإِنَّهُۥ مِنِّىٓ إِلَّا مَنِ
ٱغْتَرَفَ غُرْفَةًۢ بِيَدِهِۦ فَشَرِبُوا۟ مِنْهُ
إِلَّا قَلِيلًا مِّنْهُمْ فَلَمَّا جَاوَزَهُۥ هُوَ
وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ قَالُوا۟ لَا طَاقَةَ لَنَا
ٱلْيَوْمَ بِجَالُوتَ وَجُنُودِهِۦ قَالَ ٱلَّذِينَ
يَظُنُّونَ أَنَّهُم مُّلَٰقُوا۟ ٱللَّهِ كَم مِّن
فِئَةٍ قَلِيلَةٍ غَلَبَتْ فِئَةً كَثِيرَةًۢ
بِإِذْنِ ٱللَّهِ وَٱللَّهُ مَعَ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿٢٤٩﴾

**249. Цинги Т1алут гьеб къавмалъул боялги рачун къват1иве вахъараб мехалъ:**

гьел къват1ир рахъана Байтулмукъадасалдаса ва гьел ункъого азар чи вук1ана. **Т1алутица къавмалда абуна: «Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужер х1албихьизе буго цо г1оралдалъун. Гьеб г1оралдаса къеч хьвазег1ан лъин гьекъарав чи дир къавмалдаса вук1ине гьеч1о. Цодагьабго жо лъин гьекъон ч1арав (цо хъат ц1ун лъин гьекъон ч1арав) вук1ине вуго дир къавмалъул»**-абун. Гьеб лъин гьекъана г1емерисел г1адамаз. Лъин гьекъеч1ого

ункъазарго чи ч1ана: Гьав ункъазарго чиги Т1алутги рахана г1ор бахун дорехун. Гьебги Иорданиялдаги Палестинаялдаги гьоркьоб бугеб г1ор буго.

**Т1алутги гьесда иман лъурал г1адамалги г1ор бахун дорехун щведал гьезда тущманасул г1емерал боял рихьана ва къавмалъ Т1алутида абуна: «Нилъер х1ал к1оларо Жалутида ва гьесул боязда данде рагъизе»–абун.**

**Амма Т1алутгун цадахъ рук1арал иман камилал, ахираталда Аллагьасда данде ч1вазе рук1иналда ракl ч1арал муъминзабаца абуна: «Чанги дагьаб къокъа г1адамазул бергьана г1емерал боязда данде рагъун, Аллагьасул изнуялдалъун ва гьесул х1укмуялдалъун»**-абун.

Рагъда бергьин ва квербакъи боял г1емерлъиялдалъун бук1уларо. Рагъда бергьин бук1уна Аллагьасул диналъе г1оло рагъулел г1адамазе Аллагьасул квербакъин бук1иналдалъун. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь ﷻ жидеца сабро гьабулел г1адамалгун цадахъ вуго,** гьезие квербакъулевлъун ва гьезие бергьенлъи кьолевлъунги.

وَلَمَّا بَرَزُوا۟ لِجَالُوتَ وَجُنُودِهِۦ قَالُوا۟ رَبَّنَآ أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَٱنصُرْنَا عَلَى ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٢٥٠﴾

**250. Цинги Т1алутги ва гьесда иман лъурал г1адамалги** бац1ц1адаб г1алахалда, рагъулъ ругьунал, х1албихьи бугел, гучал ва г1емерал Жалутил боязда аск1оре щведал, **гьел муъминзабаз абуна: «Я нижер бет1ергьан Аллагь! Дуца нижеда т1ад сабро решт1инабе** (ай нижер рак1азулъ сабро лъугьизабе) **нижер х1алк1вей бук1ине гьав гучав тущманасда рагъизе ва дуца нижер х1ат1алги рагъул майданалда ч1езаре** (ай ниж лъутизе, нахъруссизе риччаге). **Ва дуца нижее квербакъе гьаб капураб къавмалда т1ад бергьизе» – абун.**

Рагъулъ бергьизе къвариг1унеб лъабго сабаб буго гьаб.

1) Сабро гьаби.
2) Тушманасдаса х1инкъун гут1и.
3) Аллагьасда х1елун, гьарун, гьесул квербакъи т1алаб гьабун ва гьесда божун рук1ин. Ва гьаб дуг1а муъминзабазул бищун гучаб ярагъ буго, тущманасда рагъде унаго цадахъ бук1ине кколеб.

فَهَزَمُوهُم بِإِذْنِ ٱللَّهِ وَقَتَلَ دَاوُۥدُ جَالُوتَ وَءَاتَىٰهُ ٱللَّهُ ٱلْمُلْكَ وَٱلْحِكْمَةَ وَعَلَّمَهُۥ مِمَّا يَشَآءُ ۗ وَلَوْلَا

**251. Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун Т1алутил къокъаялъ Жалутил боял риххизе ва лъутизе гьаруна. Муъминзабазул богун вук1арав**

دَفْعُ ٱللَّهِ ٱلنَّاسَ بَعْضَهُم بِبَعْضٍ
لَّفَسَدَتِ ٱلْأَرْضُ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ ذُو
فَضْلٍ عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٢٥١﴾

**Давудица Жалутги ч1вана. Хадуб Аллагьас гьав Давудие авараглъи кьуна ва ханлъиги кьуна. Жиндир х1икмат ва г1елму кьун Аллагьас Давудида жиндие бокьараб жоги лъазабуна.**

**Т1адег1анав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укму-къадар бук1инч1ебани гьесда иман лъураб къавмалдалъун, зулму ва купру гьабулеб къавм нахъч1валеб, гьаб ракь пасалъилаан ва гьаниб г1адамазул г1умроги хвелаан. Кинниги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ халкъалда ц1об-рах1мат ва гурх1ел г1ат1идав вуго, ва жинца ракьалда зулму т1ибит1изе толаревги вуго.**

Т1адег1анав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укму-къадаралдалъун цо заманаялъ купру-ширк ва зулму гьабулеб къавм муъминзабазда т1ад т1амун бук1аниги, ахир-къадги Аллагьас гьеб квешаб къавмалъул талих1 къинабула ва ракьалда т1ад муъминзаби бергьинарула.

تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱللَّهِ نَتْلُوهَا عَلَيْكَ
بِٱلْحَقِّ ۚ وَإِنَّكَ لَمِنَ
ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٢٥٢﴾

**252. Гьал Аллагьасул г1аламатал руго Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дица дуе рицунел х1акъаб жоялдалъун, ва мунги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дин малъизе рит1арал аварагзабазул цо авараг вуго.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Жабраил малаик вит1ун Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасда, Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул, хадуб Т1алутил, Давудил ва цогидалги къисаби лъазаруна, жидеда ягьудиязе инкар кквезе к1оларел, жиделъ бат1улаб жо гьеч1ел ва гьел къисаби рук1ана ягьудиязул диниял г1адамазда гурони лъаларел. Гьабги хирияв аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ругел муг1жизатаздаса цо муг1жизат буго.

۞ تِلْكَ ٱلرُّسُلُ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ
مِّنْهُم مَّن كَلَّمَ ٱللَّهُ ۖ وَرَفَعَ بَعْضَهُمْ دَرَجَٰتٍ ۚ
وَءَاتَيْنَا عِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ ٱلْبَيِّنَٰتِ وَأَيَّدْنَٰهُ
بِرُوحِ ٱلْقُدُسِ ۗ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَا ٱقْتَتَلَ
ٱلَّذِينَ مِنۢ بَعْدِهِم مِّنۢ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ
ٱلْبَيِّنَٰتُ وَلَٰكِنِ ٱخْتَلَفُوا۟ فَمِنْهُم مَّنْ
ءَامَنَ وَمِنْهُم مَّن كَفَرَ ۚ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ
مَا ٱقْتَتَلُوا۟ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيدُ ﴿٢٥٣﴾

**253. Гьал киналго аварагзаби,** дица дуда жудер къиссаби рицарал ва жал исламияб диналдалъун умматазда рит1арал **х1акъал аварагзаби руго. Дица гьезул цоял цояздаса т1ок1 гьаруна ва хира гьаруна. Гьездаса вуго жинда Аллагьас калам гьабурав Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг. Цоги аварагзабазул даража макъам т1адег1ан гьабуна дица.** Бищунго жиндир даража макъам т1адег1анав, жив аварагзабазул ахиравлъун вугев, цереселги хадуселги умматазул сайидлъунги (ханлъунги) вугев Мух1аммад авараг вуго жинда Аллагьасул свалат салам льеяв. Гьединго даража т1адег1анав

вуго аварагзабазул эмен, Ибрагьим жинда аллагьас Халил абурав (гьудул) жинда Аллагьасул салам лъеяв.

**Ва дица Марьямил вас Г1исахъе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **авараглъиги ва баянал х1ужаби ругеб Инжилги кьуна. Ва гьев Г1иса аварагасе квербакъи гьабуна Жабраил малаикасдалъун.** Г1иса аварагасеги г1емерал муг1жизатал кьун рук1ана: хварал ч1аго гьари г1адаб, мац1 лъаларел г1адамал к1алъазари г1адаб, балъгояб жо бицин г1адаб.

**Т1адег1анав Аллагьасе бокьун бук1арабани гьел умматазул г1адамал киналго т1орит1араллъун рук1инаан ва гьезухье аварагзабиги,т1ахьалгирач1унхадурцоцаздерагъулелрук1илароан. Кинниги гьел умматаз жидер диназда жанир г1емерал хилапал гьаруна. Ва гьезул цоял х1акъаб жоялда ч1арал муъминзаби руго, цогидал жидеца инкар ккурал ва х1акъаб нухдаса руссарал руго.**

**Т1адег1анав Аллагьасе бокьараб ани киналго г1адамалги** малаикзабазда релъун **Аллагьасда г1асилъуларел ва цоцаде къацандуларел гьарилаан. Кинниги Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго.** Ва гьев Аллагьасда щивго чияс гьикъуларо цо жо щай гьабураб абун, яги цо жо щай гьабичч1еб абун. Аллагь т1адег1анав вуго кинабг1аги мукъсанлъи жиндие ч1олеб сипаталдаса.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَنفِقُواْ مِمَّا رَزَقۡنَٰكُم مِّن قَبۡلِ أَن يَأۡتِيَ يَوۡمٞ لَّا بَيۡعٞ فِيهِ وَلَا خُلَّةٞ وَلَا شَفَٰعَةٞۗ وَٱلۡكَٰفِرُونَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٢٥٤

**254. Я гьал иман лъурал г1адамал! Дица нужее ризкъилъун** ч1обого ва нужер х1алк1олъиги гьеч1ого **кьураб боц1и-малалдаса нужеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун лъик1ал нухазда напакъа кье.** Аллагьасул диналъе г1оло рагъулезе кье, паризаяб закат кье ва цогидал исламияб диналъе квербакъулел бак1азда кье.

**Гьеб мал нужеца кье нужеда т1аде жиндилъ щибго даран-базарги гьеч1еб, гьудуллъи-гьалмагълъиги гьеч1еб, цоясул цогиясе квербакъи-шафаг1атги гьеч1еб къо бач1иналда цебе.** Гьебги къиямасеб къо буго. **Х1акълъунго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналда инкар ккурал г1адамал жал г1орхъолъан рорч1арал, жидее Аллагьасул г1азаб х1акълъарал зулмучаг1и руго.**

ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ لَّهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ مَن ذَا ٱلَّذِي يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡ

**255. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жив гурев цоги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьечIев вуго,** жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Жинда релълъараб щибго жоги гьечIев, жив щибго жоялда хIажатавги гьечIев вуго. **Жив чIагояв, жиндие хвел гьечIев,**

وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِۦٓ إِلَّا بِمَا شَآءَ ۚ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ ۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ حِفْظُهُمَا ۚ وَهُوَ ٱلْعَلِىُّ ٱلْعَظِيمُ ﴿٢٥٥﴾

**даимго жив нахъе хутIулев вуго. Киналниги халкъазул**: гIадамал, хIайванал, женал, малаикал ва цогидаб кинабго махлукъаталъул **тадбир жинца гьабулев.** Гьел киналго жинда хIажатав, жив щибго жоялда хIажатав гьечIев вуго.

**Жинда тIад загIипаб яги къуватаб макъу бачIун гьелъ жив кколарев вуго.** Гьелъул магIна буго: гьесда тIад кинабгIаги гъаплат, кIочей, тохлъи бачIуларо ва гьев щибаб лахIзаталъ кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев, гьеб махлукъ жинда бихьулев вуго. **Гьев Аллагьасул мулк буго зобал ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъат**. Кинабго жо гьесул къудраталда гъоркь буго ва гьесие лагъзал руго.

**Щивха вугев жинца шапагIат гьабулев Аллагьасул изну букIун гурони.** Щивго чи гьечIо жинца цогидасе шапагIат гьабизе кIолев, гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ изну кьун хадуб гурони. **ГIадамазда жиб лъалеб, бихьулеб дунялияб жо ва гьезда нахъа бугеб, гьезда тIад бачIизе бугеб ахираталъул умуралги жинда лъалевги вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ. Жиндир лъай кинабго жоялда гIамлъарав, сверун лъугьарав вуго Аллагь.

**ГIадамазда лъаларо Аллагьасул гIелмабаздаса цIакъ дагьаб жо гурони.** Аварагзаби ритIун умматалда лъазабураб къадар гурони. **Аллагьасул Курс зобал ракьаздаса жиндир кIодолъи, гIатIилъи цIикIараб буго. ТIадегIанав Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **щибго захIматлъи, гIажизлъи букIуларо гьал киналго зобал-ракьазул тадбир гьабизе ва гьел цIунизе. Аллагь кинабго халкъалда тIад вугев вуго жиндир ханлъиялдалъун, жиндир кIодолъи ва чIухIи машгьурав вуго.**

Гьаб аяталда цIар буго «Аятул курсий» абун, гьалъул хиралъаби рицун машгьурал ва мухIканал хIадисалги руго. Жинда Аллагь разилъаяв Абузарица бицараб халатаб хIадисалда жаниб буго: Дица аварагасда ﷺ гьикъана: *«Дуда рештIизабураб жоялъул бищун къадро кIудияб щиб бугеб абун. Аварагас* ﷺ *абуна: «аятул курсий буго»* абун. ХIадис имам Аннасаияс бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Гьаб аяталъул бай бихьи Аллагьасул цIар буго, жиндалъун гьарарав чиясул дугIа къабул гьабулеб»*- абун.

Цоги хIадисалда буго: *«Щибаб паризаяб какда хадуб гьаб аят цIалани гьев чи алжаналда лъугьиналдаса нахъчIвалеб жо гьечIо цохIо хвел гуроно»*- абун.(ай гьесие хвезе хутIун букIула алжаналда лъугьине). ХIадис имам Аннасаияс бицана.

Цоги хIадис буго: *«Радал гьаб аят цIаларав чи къасилъизегIан квешлъиялдаса цIунила. Къаси цIаларав чи рогьинегIан квешлъиялдаса цIунила»*- абун. Х1адис Х1акимица бицана.
Цоги хIадис буго: *«Гьаб аят цIалараб рокъоб щайтIан чIеларо, гьеб рокъоса къватIиб уна»*- абун.
Цогиги гIемер хIадисал руго гьаб аяталъул хIакъалъулъ ва гьеб гIемер цIаларасе мунпагIат гIемер букIила.

لَآ إِكۡرَاهَ فِي ٱلدِّينِۖ قَد تَّبَيَّنَ ٱلرُّشۡدُ مِنَ ٱلۡغَيِّۚ
فَمَن يَكۡفُرۡ بِٱلطَّٰغُوتِ وَيُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ فَقَدِ
ٱسۡتَمۡسَكَ بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰ لَا ٱنفِصَامَ
لَهَاۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٢٥٦

**256. Х1ал-зулму гьабун исламияб дин босизабуларо. Х1акълъунго Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **унеб бит1араб нух баянлъун буго.** Къуръанги рещт1изабун, аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вит1ун. Къосинги, бат1улаб жоги баянлъун буго: гьеб шарг1алде хилиплъараб жо буго. **Гьаб амру гьадин бугелъул: жив щайт1аналда** ва гьелда релълъарал Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ г1адамал рик1к1ад гьарулел жалазда **капурлъарав, жинца гьезда инкар ккурав, ва Т1адег1анав Аллагьасда жинца иманги лъурав чи, х1акълъунго щулияб исламияб рухьен ккурав чи вуго. Гьеб рухьен жиб т1олеб ва т1асан унеб гьеч1о. Ва Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кинабго жо раг1улев ва кинабго жо жинда лъалев вуго.**

ٱللَّهُ وَلِيُّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ يُخۡرِجُهُم مِّنَ
ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ
أَوۡلِيَآؤُهُمُ ٱلطَّٰغُوتُ يُخۡرِجُونَهُم مِّنَ
ٱلنُّورِ إِلَى ٱلظُّلُمَٰتِۗ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ
ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٥٧

**257. Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **муъминзабазул вали вуго:** гьезие квербакъунев, гьезул умуразул тадбир гьабулев вуго. **Жинца гьел муъминзаби купруялъул бец1лъиялдаса иманалъул нуралде рахъизарулев вуго. Ва амма жидеца х1акъаб жоялда инкар ккурал г1адамал абуни, гьезул вализаби щайт1аби руго: гьел иманалъул нуралдаса рахъун купруялъул бец1лъукье ккезарула. Гьал г1адамал руго жужах1алъул агьлу, даимго гьеб жужах1алда рук1унел.**

أَلَمۡ تَرَ إِلَى ٱلَّذِي حَآجَّ إِبۡرَٰهِـۧمَ فِي رَبِّهِۦٓ أَنۡ
ءَاتَىٰهُ ٱللَّهُ ٱلۡمُلۡكَ إِذۡ قَالَ إِبۡرَٰهِـۧمُ رَبِّيَ
ٱلَّذِي يُحۡيِۦ وَيُمِيتُ قَالَ أَنَا۠ أُحۡيِۦ وَأُمِيتُۖ
قَالَ إِبۡرَٰهِـۧمُ فَإِنَّ ٱللَّهَ يَأۡتِي بِٱلشَّمۡسِ
مِنَ ٱلۡمَشۡرِقِ فَأۡتِ بِهَا مِنَ ٱلۡمَغۡرِبِ فَبُهِتَ

**258. Дуца пикро гьабуларищ Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **Ибрагьим** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасда, БетIергьан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIакъалъулъ** гьев Аллагь вук1иналда инкар ккун **жив къацандарав чиясул.** Гьав чи вуго Намруз Канг1анил вас, жив гьеб

ٱلَّذِى كَفَرَ ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٢٥٨﴾

заманалъ ханлъун вук1арав.

**Бет1ергьан аллагьас жиндие кьураб ханлъи ва бечелъи жиндир гьунаралъ бугеб жоян ккун жив ч1ух1ана ва жинца Аллагьасе щукро гьабич1о,** Аллагьасда данде къацандизе лъугьана гьав Намруз ва жиндир къосинги купруги загьир гьабуна.

**Ибрагьимица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абидал дир бет1ергьан Аллагь вугин, жинца хвезарулев ва ч1агоги гьарулев абун, гьев Намрузица абуна: «Дицаги ч1аго гьарула ва хвезеги гьарула» – абун. Цинги Ибрагьимица гьесда абуна: «Т1адег1анав Аллагьас бакъ баккизабула бакъ баккул рахъалъан. Мун вач1аха гьеб бакъги бачун бакъ т1ерхьул рахъалдаса» – абун. Цинги гьев Намруз жаваб кьезе к1веч1ого х1айранлъана ва жив х1инкъун, нахъе къана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капураб, къосараб къавм х1акъаб жоялда т1орит1уларо ва гьезие бергьенлъиги кьоларо.**

Намрузица «дицаги ч1аго гьарула ва хвезарула» – абураб раг1и абуна жиндир ах1макълъиялъ ва х1алхъублъиялъул гучалъ. Цо хабаралда буго: Намрузица к1иго чи ах1ана жинда цеве ва гьев к1иявго ч1вазе х1укму гьабуна. Хадуб цояв ч1вана, цояв ч1аго тана ва доб раг1иялъул маг1на гьаб бугин абуна. Гьесул ах1макълъи бихьидалго Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулеб цоги мисал бачана Намрузие: Аллагьас бакъбаккудаса баккизабулеб бакъ дуца бакът1ерхьудаса баккизабе абун. Цинги Намруз мац1 лъаларев чи г1адин гьабизе жо т1аг1ун ва жаваб кьезе лъач1ого хут1ана.

أَوْ كَٱلَّذِى مَرَّ عَلَىٰ قَرْيَةٍ وَهِىَ خَاوِيَةٌ عَلَىٰ عُرُوشِهَا قَالَ أَنَّىٰ يُحْىِۦ هَٰذِهِ ٱللَّهُ بَعْدَ مَوْتِهَا ۖ فَأَمَاتَهُ ٱللَّهُ مِائَةَ عَامٍ ثُمَّ بَعَثَهُۥ ۖ قَالَ كَمْ لَبِثْتَ ۖ قَالَ لَبِثْتُ يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ ۖ قَالَ بَل لَّبِثْتَ مِائَةَ عَامٍ فَٱنظُرْ إِلَىٰ طَعَامِكَ وَشَرَابِكَ لَمْ يَتَسَنَّهْ ۖ وَٱنظُرْ إِلَىٰ حِمَارِكَ وَلِنَجْعَلَكَ ءَايَةً لِّلنَّاسِ ۖ وَٱنظُرْ إِلَى ٱلْعِظَامِ كَيْفَ نُنشِزُهَا ثُمَّ نَكْسُوهَا لَحْمًا ۚ فَلَمَّا تَبَيَّنَ لَهُۥ قَالَ أَعْلَمُ أَنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٥٩﴾

**259. Цогиги чиясул къисаялъул пикро гьабе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Цо ч1унтараб, биххун т1ат1ала ккараб росоялда аск1осан жив арав ва жинцаги абурав: «Гьадиг1анго ч1унтараб росо ч1аго гьаби ва гьеб ц1идасан г1уц1и ц1акъ к1удияб жо буго. Киндай Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб ч1аго гьабизе бугеб» – абун.**

Гьеб ч1унтараб росоги Байтул-мукъадас бук1ана, Бухтанасар абулев капурав ханас ч1унтизабураб. Гьав чи муъминчи вук1ана, гьесул ц1арги Г1узайр буго абуна г1емерисел г1алимзабаз. Жинца гьаб раг1и абуна Аллагьасул х1алк1олъи

т1адег1ан гьабун ва гьелда г1ажаиблъи гьабун.

**Цинги Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев Г1узайр хвезавун нусго соналъ тана, хадув ч1аго гьавун т1ад вахъизавуна. Т1адег1анав Аллагьас гьесда гьикъана: «Киг1ан мех бараб дуца гьаб бак1алда» – абун. Г1узайрица абуна: «Цо т1обараб къо бана, яги гьелдасан дагьаб заман бана» – абун. Хадуб Аллагьас абуна: «Нусго сон бана. Гьанже мун валагье дуда цадахъ бук1араб квен-т1ехалда, щибго хисич1ого буго гьеб. Хадув мун валагье гьаб мунгун цадахъ бук1араб х1амаялда**: гьеб хун, гьан турун, рукьби хут1ун рук1ана х1ама бук1араб бак1алда. **Гьаб г1аламат дица гьабуна г1адамазе муг1жизатлъун бук1ине ва дудаги якъинго лъазе дир къудрат камилаб бук1ин.**

**Гьанжеги мун валагье киндай дица гьаб х1амаялъул рукьби цоцазда аск1ор рекъезарулел ва кин гьезда т1ад гьанги т1онги рек1изабулеб» – абун.** Валагьун Г1узайргун гьеб х1ама цебе бук1ахъе ч1аголъана. **Гьал к1удиял муг1жизатал жинда рихьидал ва баянлъидал Г1узайрица абуна: «Дида якъинго, берда бихьун, лъала х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кинабго жоялда жиндир х1алк1олев вук1ин»** – абун.

وَإِذۡ قَالَ إِبۡرَٰهِـۧمُ رَبِّ أَرِنِي كَيۡفَ تُحۡيِ
ٱلۡمَوۡتَىٰۖ قَالَ أَوَلَمۡ تُؤۡمِنۖ قَالَ بَلَىٰ وَلَٰكِن
لِّيَطۡمَئِنَّ قَلۡبِيۖ قَالَ فَخُذۡ أَرۡبَعَةٗ مِّنَ ٱلطَّيۡرِ
فَصُرۡهُنَّ إِلَيۡكَ ثُمَّ ٱجۡعَلۡ عَلَىٰ كُلِّ جَبَلٖ
مِّنۡهُنَّ جُزۡءٗا ثُمَّ ٱدۡعُهُنَّ يَأۡتِينَكَ سَعۡيٗاۚ
وَٱعۡلَمۡ أَنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٞ ٢٦٠

**260.** Дуца рак1алда щвезабе ва умматалъе насих1ат гьабун бице Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул къисаги. **Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ абидалго: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дуца дида бихьизабе кин дуца хварал чаг1и ч1аго гьарулел» – абун, Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Мун божуларогонищ вугев хварал ч1аго гьаризе дие к1олеблъиялда?» – абун. Ибрагьимица абуна: «Дун божула ва дир рак1 ч1арабги буго. Кинниги дие бокьун буго кин ч1аго гьарулеб бихьун лъазе ва дир рак1 парахалъизе**, капурал г1адамалгун къацандулеб мехалъ дир х1ужаги къуватаб бук1изе» - абун.

**Цинги Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Гьедин бугони дуца ункъго х1инч1 ккве, данде гьаре. Хадуб гьел хъун, гьан т1ет1езабун, цоцалъе жубай. Гьеб жубараб жо муг1рузда т1аде** босун гьородахъ бай ва г1одоб **рехе. Цинги мун цо бак1алда ч1ун дуца гьел х1анч1и духъе ах1е – гьел духъе рач1изе руго хехго ва нахъбахъи гьеч1ого. Ва дудаги лъай х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гуч бергьарав,**

**жиндаса бергьунеб щибго жо гьечlев вукlин ва жиндир пишабазулъ хlакимияв вукlин»-абун. Цо пайда, мунпагlат гьечlеб жо гьабуларев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.**

Гlалимзабаца абуна: Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагас, Аллагьас жинда малъараб хlалалъ ункъго батlи-батlияб боржунеб жо ккуна ва жинда асклор члезарун хъуна. Хадуб гьезул гьан, би, хlули цоцалъе жубазеги гьабун мугlрузда тlаде щущазабун бана. Гьел хlанчlазул бутlрул жинда кодор ккун рукlана. Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас ахlана гьел хlанчlазда жиндихъе рачlа абун. Цинги гьесда бихьана батlи-батlияб бакlалда щущан букlараб гьан, хlули ва цогидабги боржун цоялда цояб данде буссун ва хехго ракьалдасан рилълъун гьел хlанчlи щибаб жиндир бетlералда асклор рачlана ва чlаголъун, цере рукlараб хlалалъ лъугьана-абун.

Кантlизе рекъараб жо буго: цониги авараг вукlуларо Аллагьасул хlалкlолъиялда щаклъулел, Аллагьасул амруялда нахърилълъине кlвахlаллъулел, я цогидаб кинаб бугониги мукъсанаб сипат жидее бугел. Гьел хириял аварагзабаз жудер умматалъе далиллъун, хlужалъун букlине цо-цо жо Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьарула, гьесдехун суал гьабун кlалъала. Цинги Аллагьас бихьизабураб мугlжизат ва аварагзабазе кьураб жаваб умматалъе бугеб далил ва хlужа букlула.

Гьаб лъабго аяталда жаниб дунялалдаго жидер ханлъи тlибитlун букlарав кlиго капурав ханасул цlар бачlана: Ибрагьимил заманалъ вукlарав Намруз ва Гlузайрил заманалъ Байтул-мукъадас бихизе, члунтизабурав Бухтанасарги. Гьединго дунялалда жидер ханлъи тlибитlарав кlиго Аллагьасда иман лъурав ханги вукlана: Давудил Сулейман ва Зулкъарнайн.

Тlадегlанав Аллагьас нилъеда тlад парз гьабурал жалаздаса бищунго жиндир къимат кlудияб, жиндалъун Аллагьасул дин ракьалда даимлъулеб жо бугелъул Аллагьасул диналъе гlоло гьабулеб гъазават, жигьад, гьеб жигьадалъул бицун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьанжеги аятал рещтlизарулел руго.

Аллагьасул диналъе гlоло гьабулеб жигьад лъабго батlияб букlуна: <u>цо тайпа буго:</u> Аллагьасул диналда халкъ ахlун, гьезда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукlиналъул далилал рицун гьабулеб жигьад: гьалда цlарги букlуна дагlват абун. <u>Кlиабилеб буго:</u> жиндир напсалдалъун гьабулеб: Аллагьасул диналда ахlараб мехалъ гьеб диналде рачlинчlел ва дин гьабулел ва дагlват гьабулел гlадамазе кинаб рахъалъан бугониги квал-квал гьабулел гlадамазда данде ярагъги босун рагъун, гьел я диналда рачlун, я исламалъе квал-квал гьабичlого члезегlан гьабулеб жигьад.

Лъабабилеб буго: жиндир боц1и-мал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухалда кьун, гьелдалъун жигьад гьабулезе квербакъи гьаби. Церехун арал аятазда бицун бук1ана даг1ват гьабиялъул ва напсаздалъун жигьад гьабиялъул. Гьал хадур рач1унел аятал руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухда боц1и кьеялъул бицарал.

Гьаб (261) аят рещт1изабиялъе сабаб буго: *«Жинда Аллагь разилъаяв Г1усман асх1абас Табукалда гъазаваталда ине Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг х1адурлъулеб мехалъ Аллагьасе г1оло к1инусго варани кьуна жидер кьили-къайигун цадахъ. Цинги хирияв аварагасда* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ *цебе азарго динарги лъуна (динар – меседалъул гъурущ). Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьел динарал квералъ доре гьанирехун сверизаризе лъугьана ва жинцаги абуна: «Г1усман асх1абасе щибго къварилъи бук1инаро жакъа къоялдаса хадуб гьес гьабураб жоялъул» – абун.*

*Цинги Г1абдурах1ман* رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ *Г1авпил вас вач1ана ва ункъазарго диргьам лъуна аварагасда* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ *цебе, жинцаги абуна: «Дир микьазарго диргьам бук1ана. Дица гьаб ункъазарго диргьам дир бет1ергьан Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *къарзалъе кьолеб буго. Ункъазарго хъизаналъул х1ажатазеги тана» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна; «Аллагьас дуе баракат гьабеги дуца кьураб жоялъулъ, ва дуда аск1об тараб жоялъулъги»– абун.*

Гьезул х1акъалъулъ гьал аяталги рещт1изаруна:

**261. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе г1оло гъазават гьабизе ва цогидалги лъик1лъабазе боц1и кьолел г1адамазул мисал буго ракьулъе рехараб цо мугь бижун анкьго т1ор лъугьараб г1адин, цо-цо т1оралда жанибги нус-нус мугь бугеб. Аллагьас жиндие бокьарав чиясе гьесул садакъа г1емерго ц1ик1изабула. Х1акълъунго Аллагь жиндир бечелъи, рах1мат г1ат1идав ва кинабго жо лъалев вуго.**

مَّثَلُ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمۡوَٰلَهُمۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ أَنۢبَتَتۡ سَبۡعَ سَنَابِلَ فِي كُلِّ سُنۢبُلَةٖ مِّاْئَةُ حَبَّةٖۗ وَٱللَّهُ يُضَٰعِفُ لِمَن يَشَآءُۚ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٦١﴾

**262. Жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нухалда боц1и кьолел г1адамал, цинги гьеб кьураб жоялдалъун бадибч1вай гьабун,** яги цогидал г1адамазда бицун дица пуланасе боц1и кьуна абун, **гьев чиясе зарал гьабуларел: гьал г1адамазе ажро кири буго Бет1ергьанасда аск1об, гьел къиямасеб къоялъ х1инкъараллъунги рук1ине гьеч1о, гьел щибго пашманлъизеги гьеч1о.** Дунялалда кодоса араб боц1и-мал ахираталда

ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمۡوَٰلَهُمۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ ثُمَّ لَا يُتۡبِعُونَ مَآ أَنفَقُواْ مَنّٗا وَلَآ أَذٗى لَّهُمۡ أَجۡرُهُمۡ عِندَ رَبِّهِمۡ وَلَا خَوۡفٌ عَلَيۡهِمۡ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ﴿٢٦٢﴾

г1емерлъун, к1одолъун гьезие хайиралъе батизе буго.

﴿قَوْلٌ مَّعْرُوفٌ وَمَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّن صَدَقَةٍ
يَتْبَعُهَآ أَذًى وَٱللَّهُ غَنِيٌّ حَلِيمٌ ﴿٢٦٣﴾

**263. Бусурманчиясда берцинаб раг1и бицин ва гьесие мунагьал чуриялдалъун дуг1а гьаби,** гьесдасан ккараб гъалат1алда т1аса лъугьин **Аллагьасда** ﷻ **аск1об лъик1аб буго, гьев чиясе садакъа кьун, я цоги лъик1лъи гьабун, цинги гьеб бадибч1ван гьев г1одовег1ан гьавиялдаса. Х1акълъунго Аллагь щибго жоялда х1ажатав гьеч1о, кинабго рахъалъан жив бечедав вуго ва г1адамазда гурх1улев, гьезие г1акъуба хех гьабуларев,** гьез тавбо гьабизе бокьулевги вуго.

Жинца гьабураб лъик1лъи бадибч1вай гьабун бицин ц1акъ шарг1алда какараб, бусурманчиясул чорхолъ бук1ине бегьулареб г1одобег1анаб пиша буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*«Лъабго чи вуго жидеда къиямасеб къоялъ Аллагь* ﷻ *к1алъаларел, гьезда Аллагь валагьуларел, гьезул г1амалги къабул гьабуларел ва жидее г1азабги бук1унел: жинца кьураб жо бадибч1ван бицунев чи, халат гьабун рет1ел хадуб бехъерхъулев чи, гьересиял гьаялги гьедун жинца даран гьабулев чиги»-абун.* Гьаб буго имам Муслимица бицараб сах1их1аб х1адис.

Цоги х1адис буго: *«Алжаналда лъугьунаро эбел-инсуе къварилъи гьабулев чи, лъик1лъи бадиб ч1валев чиги, хамро гьабулев чиги, Аллагьасул къадаралда божуларев чиги»* – абун. Х1адис бицана ибну Мардавейгьица къуч1аб иснадалдалъун.

Гьаб маг1на баян гьабун Аллагьас ﷻ абулеб буго:

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تُبْطِلُوا۟
صَدَقَـٰتِكُم بِٱلْمَنِّ وَٱلْأَذَىٰ كَٱلَّذِى يُنفِقُ
مَالَهُۥ رِئَآءَ ٱلنَّاسِ وَلَا يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ
ٱلْـَٔاخِرِ ۖ فَمَثَلُهُۥ كَمَثَلِ صَفْوَانٍ عَلَيْهِ تُرَابٌ
فَأَصَابَهُۥ وَابِلٌ فَتَرَكَهُۥ صَلْدًا ۖ لَّا يَقْدِرُونَ عَلَىٰ
شَىْءٍ مِّمَّا كَسَبُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ
ٱلْكَـٰفِرِينَ ﴿٢٦٤﴾

**264. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца г1адада хвезабуге ва бат1ул гьабуге нужер садакъа** ва цогидаб лъик1аб г1амал, **бадибч1вай гьабун ва жидее лъик1лъи гьабуразе квеш бук1унеб раг1и бицун. Гьав чи рельлъун вук1уна жинца г1адамазе рихьдае (рияалъе) жиндир боц1и кьолев чиясда:** гьезул рецц-бакъ бокьун, гьезие лъик1 вихьизе бокьун, **амма живго Аллагьасда** ﷻ **ва ахираталда иман лъуравлъун гьеч1ев.**

**Гьав чиясул мисал буго цо ц1вакараб кьуруялда** (гамач1алда) **рельъун, жинда т1ад ракьги бугеб, хур-херги бижунеб. Цинги цо хехаб, г1емераб ц1ад бараб ва гьеб ганч1ида бук1араб кинабго**

**ракьги хур-херги чурун г1одобе араб: гьеб ганч1ида т1ад хур бекьун рук1арал г1адамалги щибго жо гьабизе к1оларого хут1араб.**
Гьаб мисал буго ахираталъе хайир бугеб х1алалъ дунялалда хьвадизе лъаларел г1адамазул мисал. **Х1акълъунго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **капураб къавм х1акъаб нухда т1обит1уларо.** Гьеб къавм Къуръаналдаги аварагасдаги нахърилълъинч1ого ч1араб мехалъ, гьезие цоги т1орит1ел бук1уларо ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъун абадияб г1азабалъе х1акъаллъун жужах1алда рехула.
Аллагьас нилъ ц1унаги гьадинаб ахир ккеялдаса. Амин.

وَمَثَلُ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمُ ٱبْتِغَآءَ
مَرْضَاتِ ٱللَّهِ وَتَثْبِيتًا مِّنْ أَنفُسِهِمْ كَمَثَلِ
جَنَّةٍۭ بِرَبْوَةٍ أَصَابَهَا وَابِلٌ فَـَٔاتَتْ أُكُلَهَا
ضِعْفَيْنِ فَإِن لَّمْ يُصِبْهَا وَابِلٌ فَطَلٌّ
وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٢٦٥﴾

**265. Жидеца Аллагь разилъи т1алаб гьабун ва ахираталда Аллагьасда дандч1вазе рук1ин якъинго лъан, жидер боц1и напакъаде кьолел г1адамазул мисал буго цо бечедаб ахалда релълъун, жиб ракьул борхалъуда бугеб:** гъвет1-херги берцинаб пихъги гьуинаб. **Цинги лъик1аб, г1емераб ц1ад бан жиндир пихъ к1иго нухалъ ц1ик1ун бижараб. Гьедин лъик1аб, г1емераб ц1ад бач1они жиндие дагьаб ц1адги г1олеб ва жинца пихъги кьолеб.**
Ракь лъик1аб бак1 бук1ун, рижарал гъут1биги лъик1ал рук1ун. Гьаб буго муъминчиясул садакъаялъул мисал: иман камиллъун, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ният бац1ад гьабун кьураб жо ц1акъго ц1ик1к1ун, хайирлъун ахираталда батулеб. Нагагь гьоркьоб шубгьаяб боц1и ккун, яги ниятальулъ рияъ г1адаб жо жубан ккараб мехалъ жиндир садакъа г1адада холарев ва жиндие кири щолев.
**Х1акълъунго Бет1ергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца гьабулеб г1амал жинда бихьулев вуго.** Загьирабги, бат1инабги г1амал бихьулев, лъалев вуго. Гьесда щибго жо бальго хут1уларо ва щивасул г1амалалда рекъараб жазаъ бук1ине буго.

أَيَوَدُّ أَحَدُكُمْ أَن تَكُونَ لَهُۥ جَنَّةٌ مِّن نَّخِيلٍ
وَأَعْنَابٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ لَهُۥ فِيهَا
مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ وَأَصَابَهُ ٱلْكِبَرُ وَلَهُۥ
ذُرِّيَّةٌ ضُعَفَآءُ فَأَصَابَهَآ إِعْصَارٌ فِيهِ نَارٌ
فَٱحْتَرَقَتْ ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْـَٔايَٰتِ
لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُونَ ﴿٢٦٦﴾

**266. Нужер цонигиясе бокьулищ жиндир бечедаб ах бук1ине, чамасдакил, ц1олбол ва цогидал пихъазул. Жинда жаниса лъимги чвахулеб,** лъалъазе ва къач1азе ресги бугел, **ва жиндие бокьараб пихъги жаниб бугеб. Цинги гьев чи херлъун, к1одолъун вук1адго, жиндир г1исинаб, заг1ипаб хъизанги бук1адго,**

**жинда цадахъ ц1а бугеб гучаб гьуриги пун, гьеб ах бух1ун г1одоб лъезе.** Гьаб жо лъиениги бокьиларо, гьалда цониги чи разилъиларо. Гьадинаб ахир бук1ин лъалеб бугони гьеб ахги къач1аларо.

Аллагьас ﷻ гьаб мисал бачана жидеца иманги лъун, лъик1аб г1амалги гьабун хьвадулел рук1арал муъминзаби, цо заманалдаса щайт1аналъ къосизарун квешаб г1амал гьабизе т1амиялъе. Херлъун, унтун, хвалда г1агарлъараб мехалъ жидедаса ккараб жо жидее бич1ч1арал, амма щибго гьабизе х1илла гьеч1ого хут1арал. Гурх1ел-ц1об г1ат1идав Аллагьас ﷻ тавбо къабул гьабун, ц1аялдаса ц1унани, гьезие хвасарлъи бук1ина.

**Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьадин мисалал рачун жиндир аятал ва х1икматал баян гьарула, нужеца гьезул пикру гьабизе** ва нуж бит1араб диналда хьвадизе.

**267. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца х1алт1ун щвараб х1алалаб, бац1ц1адаб боц1и кье лъик1аб нухалда Аллагь разилъи т1алаб гьабун. Ва дица нужее ракьалдаса раккизарурал ниг1матаздасаги кье х1алалаб ва бац1ц1адаб жо лъик1аб нухалда. Воре нужеца къасд гьабуге Аллагьасул нухалда кьолеб жо гьеб боц1уда гьоркьоса къадараб балагьун кьезе: нагагь нужее гьединаб жо кьолеб бугони нуж гьеб босизе разилъулареб: ракl рази гьеч1ого босун гурони.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَنفِقُواْ مِن طَيِّبَٰتِ
مَا كَسَبۡتُمۡ وَمِمَّآ أَخۡرَجۡنَا لَكُم مِّنَ
ٱلۡأَرۡضِۖ وَلَا تَيَمَّمُواْ ٱلۡخَبِيثَ مِنۡهُ
تُنفِقُونَ وَلَسۡتُم بِـَٔاخِذِيهِ إِلَّآ أَن تُغۡمِضُواْ
فِيهِۚ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ غَنِيٌّ حَمِيدٌ ٢٦٧

Гьадинаб къадараб жо Аллагьасе кин нужеца кьолеб? **Ва нужеда лъай т1адег1анав Аллагь ﷻ ц1акъ бечедав вук1ин**: гьев нужер садакъаялда х1ажатав гьеч1о, гьеб садакъа буго нужеего ахираталда батизелъун кьолеб жо. **Аллагь ﷻ жиндир сипатал реццарав, жиндие рецц гьабизе мустах1икъав вуго** ва дагьабго лъик1лъи гьабурав чиясе г1емераб кири гьабулев вуго.

**268. Щайт1ан буго нуж къосизарулеб тущман. Гьелъ нужеда абула: нужеца Аллагьасе ﷻ г1оло боц1и кьоге, нуж пакъирлъизе ругин абун. Гьединго щайт1аналъ нуж къабих1ал пишаби гьаризеги т1амула.**

ٱلشَّيۡطَٰنُ يَعِدُكُمُ ٱلۡفَقۡرَ وَيَأۡمُرُكُم
بِٱلۡفَحۡشَآءِۖ وَٱللَّهُ يَعِدُكُم مَّغۡفِرَةً مِّنۡهُ
وَفَضۡلٗاۗ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٞ ٢٦٨

Закат бахъиялдасан нахъч1ван, бахиллъиялда ругьун гьарун.

**Аллагьас** ﷻ **нужее къот1и гьабулеб буго** нужеца Аллагьасе г1оло кьураб жо г1емер ц1ик1к1изабун ахираталда нужее батиялдалъун, **гьелдалъун нужер мунагьал чурила абун, нахъе хут1араб боц1иялда баракатги лъела абун. Т1адег1анав Аллагь** ﷻ **жиндир ц1обал г1ат1идав, бечелъи г1емерав вуго, реццалъе ва кириялъе мустах1икъал щал ругел жинда лъалевги вуго.**

يُؤْتِي الْحِكْمَةَ مَن يَشَاءُ ۚ وَمَن يُؤْتَ الْحِكْمَةَ فَقَدْ أُوتِيَ خَيْرًا كَثِيرًا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّا أُولُو الْأَلْبَابِ ﴿٢٦٩﴾

**269. Аллагьас** ﷻ **г1елму ва г1акълу кьола жиндие бокьарав чиясе.** жиндие вокьарав чи Аллагь разилъулеб г1амалалда т1овит1ула ва гьесда гьеб г1амал лъазабула **Аллагьас жиндие г1елму кьурав чи жиндие ц1акъ г1емераб лъик1лъи кьурав чи вуго.** гьев чи дунял-ахираталда бахьибугев вук1уна. **Гьаб Къуръаналъул ваг1заги босуларо** гьеб рек1елъги биччаларо **г1акълудал бет1ергьабаз гурони.** Гьелги Аллагьас ﷻ иманги г1елмуги цадахъ кьурал г1адамал руго. Аллагьас нилъее жив разияб г1елму ва г1амал кьеги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагаул х1адис буго:*«К1иго чиясулъ гурони х1асад ккезе бегьиларо: Аллагьас жиндие х1алалаб, г1емераб боц1и кьурав, цинги жинца гьеб боц1и Аллагьасул нухда напакъаде кьезеги т1амурав чиясулъ. Аллагьас жиндие х1икмат кьурав (г1елму, пагьмо, бич1ч1и) ва гьеб х1икматалда рекъон жинца х1укмуги гьабулев ва жинда льараб х1алалъ г1адамаздаги лъазабулев чиясулъги»-абун.*

Х1адис имам Муслимица ва Бухарияс бицана.

Х1асад абула цогидасе бугеб жо жиндиеги бук1изе бокьиялда. Х1асад к1иго бат1ияб буго. 1- буго дов чиясда рак1 хъублъун, гьесие бугеб лъик1лъи рихун, гьесдаса гьеб т1аса ине бокьун вук1ин. Гьаб х1асад х1арамаб буго ва гьаб муъминчиясул сипат гьеч1о. 2- Гьаб х1адисалда бицараб х1асад, цогидасул бугеб Аллагь разилъулеб лъик1аб г1амал жиндирги бук1изе бокьи. Гьадинаб х1асад шарг1алда беццараб буго.

وَمَا أَنفَقْتُم مِّن نَّفَقَةٍ أَوْ نَذَرْتُم مِّن نَّذْرٍ فَإِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُهُ ۗ وَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ أَنصَارٍ ﴿٢٧٠﴾

**270. Нужеца щиб жо Аллагьасе** ﷻ **г1оло лъик1аб нухалда кьуниги, яги Аллагь разилъи т1алаб гьабун назро гьабуниги, Аллагь жинда гьеб бихьулев ва лъалев вуго.**

Гьелда данде лъик1аб жазаъ гьебулевги вуго. **Ва амма жудеца зулмо гьабулел г1адамазе:** паризаяб закат-сах1 кьеч1ого, Аллагьас ﷻ х1арам гьабураб бак1алда боц1и хвезабун, **гьал г1адамазе квербакъулел,** ва гьал Аллагьасул г1азабалдаса ц1унулев **щивго чи**

**вук1уларо.**

إِن تُبْدُوا۟ ٱلصَّدَقَٰتِ فَنِعِمَّا هِىَ ۖ
وَإِن تُخْفُوهَا وَتُؤْتُوهَا ٱلْفُقَرَآءَ
فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَيُكَفِّرُ
عَنكُم مِّن سَيِّـَٔاتِكُمْ ۗ وَٱللَّهُ
بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿٢٧١﴾

**271. Нужеца садакъа г1адамазда бихьун гьабуни, гьеб лъик1 буго.** Гьелдалъун рияъ гьабулеб гьеч1они, цогидазги садакъа гьабизе бокьун, гьел нахърилълъине бокьун гьабуни гьеб загьираб садакъа. **Нужеца садакъа балъго гьабуни ва гьеб пакъирал, мискинал г1адамазе кьуни, гьебги нужее лъик1 буго ва хирияб буго. Ва нужеца кьураб садакъаялъ нужер г1исинал мунагьал чурула. Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца гьабулеб кинабго г1амал лъалев вуго.** Балъго гьабураб лъик1аб г1амал Аллагьасе г1емерго бокьулеб буго.

۞ لَّيْسَ عَلَيْكَ هُدَىٰهُمْ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ
يَهْدِى مَن يَشَآءُ ۗ وَمَا تُنفِقُوا۟ مِنْ خَيْرٍ
فَلِأَنفُسِكُمْ ۚ وَمَا تُنفِقُونَ إِلَّا
ٱبْتِغَآءَ وَجْهِ ٱللَّهِ ۚ وَمَا تُنفِقُوا۟ مِنْ خَيْرٍ
يُوَفَّ إِلَيْكُمْ وَأَنتُمْ لَا تُظْلَمُونَ ﴿٢٧٢﴾

**272. Дуда т1адаб гьеч1о Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьел г1адамал исламияб диналда х1ал гьабун т1орит1изе,** ва дуе мунагь-къварилъи гьеч1о цо г1адамаз дур даг1ват къабул гьабич1ин абун. Дуда т1адаб жо буго гьел г1адамазда бит1араб нух лъазаби ва гьел х1акъаб диналда ах1и.

**Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьарав чи т1овит1ула х1акъаб диналда. Нужеца гьабураб кинабго лъик1аб г1амал ва Аллагьасе г1оло напакъаде кьураб боц1иги нужерго напсазе бугеб лъик1лъи буго. Нужеца боц1и-мал харж гьабуге Аллагь разилъи т1алаб гьабун лъик1аб нухалда гурони. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун щиб жо нужеца напакъаде кьуниги, гьелъул ажрокири Аллагьас т1убан ва ц1ик1к1ун кьезе буго ва нужее щибго зулмуги гьабизе гьеч1о гьеб боц1и г1адада хвезабун.**

لِلْفُقَرَآءِ ٱلَّذِينَ أُحْصِرُوا۟ فِى سَبِيلِ
ٱللَّهِ لَا يَسْتَطِيعُونَ ضَرْبًا فِى
ٱلْأَرْضِ يَحْسَبُهُمُ ٱلْجَاهِلُ أَغْنِيَآءَ
مِنَ ٱلتَّعَفُّفِ تَعْرِفُهُم بِسِيمَٰهُمْ
لَا يَسْـَٔلُونَ ٱلنَّاسَ إِلْحَافًا ۗ وَمَا تُنفِقُوا۟
مِنْ خَيْرٍ فَإِنَّ ٱللَّهَ بِهِۦ عَلِيمٌ ﴿٢٧٣﴾

**273.** Нужеца нафакъа кье **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе г1оло гъазават гьабиялда т1ад ч1арал, цоги х1алт1и гьабуларел пакъирал г1адамазе. Жидер х1алк1олъиги гьеч1ел сапаралда ун, дарам гьабун маг1ишат т1алаб гьабизе:** кидадай гъазаваталда ах1ила абун х1адурун ч1ун ругелъул. **Гьезул х1ал лъаларезда рак1алде ккола гьел**

**бечедал г1адамал ругин абун. Г1адамазда гьез щибго жо кьеянги абулеб гьеч1елъул,** х1алт1и гьабизеги рахъунел гьеч1елъул. **Гьезул гьумералда балагьун лъала гьел Аллагьасе х1еларал рук1ин ва цо къварилъи баччун рук1инги. Гьез г1адамазе х1елун гьездаса щибго жоги т1алаб гьабуларо. Щиб лъик1аб жо нужеца Аллагьасе ﷻ г1оло нафакъаде кьуниги, Аллагь жинда гьеб лъалев вуго** ва гьелъие лъик1аб жазаъ гьабизесевги вуго.

ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمۡوَٰلَهُم بِٱلَّيۡلِ
وَٱلنَّهَارِ سِرّٗا وَعَلَانِيَةٗ فَلَهُمۡ
أَجۡرُهُمۡ عِندَ رَبِّهِمۡ وَلَا خَوۡفٌ
عَلَيۡهِمۡ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ٢٧٤

**274. Х1акълъунго гьел муъминзаби,** жидеца Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун, гьесул диналъе квер бакъулел нухазда, **къасиги къадги бат1алъи гьеч1ого, загьиргоги балъгоги жидер боц1и кьолел,- гьезие ажро-кири бук1изе буго жидер Бет1ергьанасда аск1об. Гьезие ахираталда щибго х1инкъиги бук1изе гьеч1о:** гьел дунялалда рук1адго ахираталъе г1амал гьабурал ругелъул. **Ва жидеца гьабураб лъик1аб г1амал г1адада хун гьелда пашманлъизеги гьеч1о.** Т1адег1анав Аллагь ﷻ щибго жо г1адада хвезабуларев, дагьабго г1амалалда данде г1емераб ажро кири гьабулев вуго.

ٱلَّذِينَ يَأۡكُلُونَ ٱلرِّبَوٰاْ لَا يَقُومُونَ إِلَّا
كَمَا يَقُومُ ٱلَّذِي يَتَخَبَّطُهُ ٱلشَّيۡطَٰنُ مِنَ
ٱلۡمَسِّۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمۡ قَالُوٓاْ إِنَّمَا ٱلۡبَيۡعُ مِثۡلُ
ٱلرِّبَوٰاْۗ وَأَحَلَّ ٱللَّهُ ٱلۡبَيۡعَ وَحَرَّمَ ٱلرِّبَوٰاْۚ فَمَن
جَآءَهُۥ مَوۡعِظَةٞ مِّن رَّبِّهِۦ فَٱنتَهَىٰ فَلَهُۥ
مَا سَلَفَ وَأَمۡرُهُۥٓ إِلَى ٱللَّهِۖ وَمَنۡ عَادَ فَأُوْلَٰٓئِكَ
أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٧٥

**275. Жидеца риба х1алт1изабулел ва гьелдалъун г1адамазул боц1и кваналел г1адамал къиямасеб къоялъ т1аде рахъуларо жундуца ккурал г1адамазда релълъун гурони.**
Рахъун ч1езе к1оларого, сородун, т1ерк1он, г1одор реч1ч1ун рук1ула гьел риба кваналел г1адамал: гьезул сипатаздалъун цогидаздаги лъала гьел рибачаг1и рук1ин ва гьел халкъалда гьоркьор инжитаб х1алалда рук1уна.
Гьадиг1анго инжит гьарун гьел т1аде рахъинариялъе г1илла буго **гьез абулеб бук1ин: рибаги цогидаб даранги релълъараб жо бугин абун. Аллагьас ﷻ дарам х1алал гьабуна ва риба х1арам гьабун буго. Аллагьасда иман лъурав, Къуръаналда нахъвилъун риба гьабиги тарав чиясе, жинца цебехун гьабураб рибаялдалъул щвараб боц1и х1алал бук1ила.** Гьес риба гьаби гьеб х1арам гьабилелде ццебе ккун бугелъул.
**Ва гьесул амру Аллагьасе ﷻ бокьухъин бук1ина.** Т1адег1анав

Аллагь гьесдаса т1асса лъугьун, гьесул мунагьал чурун тезе бегьула, яги гьесие г1акъуба гьабизеги бегьула. **Риба х1арамаб бук1ин лъан хадубги гьелда т1ад руссарал г1адамал жужах1алъул агьлу буго ва гьел даимго рук1инелъун гьенир лъугьизарула.**

يَمْحَقُ ٱللَّهُ ٱلرِّبَوٰا۟ وَيُرْبِى ٱلصَّدَقَٰتِ ۗ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ كَفَّارٍ أَثِيمٍ ﴿٢٧٦﴾

**276. Аллагьас ﷻ риба гьабиялдалъун чиясул боц1удаса баракат ине гьабула,** ва загьиралда гьесул боц1и-мал г1емерлъулеб бугониги ахираталда жиндие г1азаб къварилъиялъе батула. **Садакъаде кьураб боц1и ц1ик1к1ине ва г1емерлъизе гьабула. Х1акълъунго Аллагьасе вокьуларо жинца гьесда инкар кколев, шарг1алда хилиплъун к1удиял мунагьал гьарун хьвадулев чи.** Риба х1алт1изабулев чиясе Аллагьас кьолеб х1инкъи буго гьаб.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَوُا۟ ٱلزَّكَوٰةَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٧٧﴾

**277. Х1акълъунго Аллагьасда ﷻ иман лъун лъик1аб г1амал гьабулел г1адамал, паризаял какалги ралел, паризаяб закат-сах1ги кьолел, гьал руго жидее Аллагьасда аск1об ажро-кири бугел, г1адамал х1инкъулеб ахир къоялъ жидее х1инкъиги бук1уларел, дунялалда гьабураб г1амалалда жалги пашманлъуларел.**

Аллагьас нилъер х1албихьи гьабиялъе дагьабго заманалъ риччараб дунял бугелъул гьаб, гьаниб Аллагьас малъараб жо гьабурав чи абадияб ахираталда рохалида, рах1аталда вук1ине вук1ин х1акъаб жо буго.

Аллагьасда ﷻ иман лъурав чиясда ахираталдаги иман лъезе т1адаб буго. Аллагьасдаги, ахираталдаги иман лъурав чи х1инкъула жиндир абадияб рукъ жужах1 бук1унеб г1амал гьабизе. К1алалъ иман лъуна абулел, г1адамазе рихьдае цо-цо исламалъул ишалги х1алт1изарулел, цинги жидеца к1удиял мунагьалги гьурулел г1адамал мунапикъзаби руго, гьезул рек1елъ х1акъикъияб иманги гьеч1о, гьазул ахир мекъи ккеялда х1инкъи буго. Гьезда т1адаб бук1ула хехго тавбо гьаби ва Аллагьасдаса х1инкъун к1удиял мунагьал тей.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَذَرُوا۟ مَا بَقِىَ مِنَ ٱلرِّبَوٰٓا۟ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٢٧٨﴾

**278. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж унго-унгояб х1алалъ Аллагьасул г1азабалдаса х1инкъа. Ва нужеца риба гьабун гьабураб дарамалъул т1ок1лъи босуге,** гьеб дарамги бит1аралда сверизабе, **нуж муъминзаби**

**ратани.**

**279. Нуж гьаб амруялда мут1иг1лъич1они ва нужеца риба гьабиги теч1они, нужеда лъай, нуж Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул аварагасдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рагъ лъазабулел г1адамал рук1ин.**

فَإِن لَّمْ تَفْعَلُواْ فَأْذَنُواْ بِحَرْبٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ۖ وَإِن تُبْتُمْ فَلَكُمْ رُءُوسُ أَمْوَٰلِكُمْ لَا تَظْلِمُونَ وَلَا تُظْلَمُونَ ﴿٢٧٩﴾

Ай нуж руго Аллагьасул х1укму хвезабулел г1адамал, нужеда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рагъ гьабула, гьесул рагъалда данде рахъарал рук1ула нуж. **Нужеца тавбо гьабуни, нужерго боц1ц1и нахъе босизе ихтияр буго,** т1аде шарт1 гьабураб т1ок1лъи босич1ого. **Нужеца г1адамазе зулму гьабуге ва нужеегоги зулму гьабизе бегьуларо.**

**280. Жиндаса налъи-къарз бугев чи мискинав ватани, гьев кодоб жо щвезег1ан те, налъи кье абун т1ад ч1оге.**

وَإِن كَانَ ذُو عُسْرَةٍ فَنَظِرَةٌ إِلَىٰ مَيْسَرَةٍ ۚ وَأَن تَصَدَّقُواْ خَيْرٌ لَّكُمْ ۖ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٢٨٠﴾

Жагьилаб заманалъ нужеца абулеб бук1араб раг1и абуге: я нижер налъи кье я гьелда т1ад риба гьабе абун: ай налъи нахъбахъун таралъухъ т1ок1лъи кье абун. **Г1емерго рес гьеч1ев мискинав, пакъирав чиясе гьеб налъи т1аса лъугьун тани, гьеб нужер ахираталъе хайир бугеб лъик1аб г1амал буго. Гьаб амру нужеда лъалеб батани** нужеца ях1 бахъе ахираталда батулеб лъик1аб г1амал гьабизе.

Налъуласда гурх1ел гьабиялъул, гьесдаса дагьаб рехунги я т1обанго рехунги налъи т1аса рехиялъул, гьесие г1акъуба кьун гут1иялъул бицарал мух1канал х1адисал руго ва гьеб ц1акъ Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьунеб г1амал буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*«жинца налъулав нахъвахъун тарав (ай налъи кьезе мех щведалго заман нахъбахъун тарав) яги жинца налъуласдаса налъи т1аса рехарав чиясе Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *къиямасеб къоялъ раг1ад гьабула, жинсул гурони раг1ад гьеч1еб къоялъ»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Рибаялъул киналго х1укмаби рицизе ккани г1емераб жо хъвазе ккола. Гьаб заманаялда машгьураб ва г1емер г1адамаз х1алт1изабулеб риба буго г1арац х1алт1изабизе боси, т1ад кьолеб хайиралъул бут1а (процентал) къот1и гьабун. Гьаб х1алалъ г1арац банкалдаса босаниги, г1адамазухъан босаниги щибго бат1алъи гьеч1о, гьеб жо щибго шаклъи гьеч1еб риба буго.

Х1алалаб х1алалъ чидахъан босараб г1арац х1алт1изабулеб к1иго нух буго: къарзалъе г1арац боси ва гьеб къарз нахъе кьолеб мехалъ жиндир

ракl разилъараб цlикlкlел цадахъ кьейи. Кlабилеб нух буго къираз гьаби: гlарац хlалтlизабизе босула ва къотlи гьабула гlарац хlалтlун тlаде щвараб хайир хlалтlухъанасдаги гlарцол бетlргьанасдаги гьоркьоб бикьизе, гьел рекъараб хlисабалда. Къарзалъе босараб гlарац нахъе буссинабизе кколеб налъи букlула ва гьеб билана, бикъана, бахъана абун тlаса кколаро. Къиразалъе кьураб гlарац аманат букlула ва хlалтlухъанасда шаргlияб гlайиб гьечlого гьеб гlарац зиянлъани (билун, бикъун, босараб къайи гlадада хун, ва цоги кинаб гlилла бугониги), гьеб гlарац хlалтlухъанас бецlизе кколаро.

Жиндие диналъул кlвар бугев, жив дунялалда ва ахираталда витlун ккей бокьарав бусурманчияс жинца гьабулеб кинабго гlамал шаргlалде боцун, шаргlияб нухда гьабизе ккола. Гьедин гьабичlони гьев хиянатчи вукlула ва гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ жаваб кьеялдаса ворчlуларо.

Гlалимзабаз абуна: рибаялъул бицарал аятал Къуръаналда жанир ахиралда рештlарал аятал руго, ва гьезул хlакъалъулъ хириял асхlабзабазе رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ авараагасдаса صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ тlубарал баянал росизе замана гlечlо. Гьедин бугелъул, жинда Аллагь разилъаяв Гlумар асхlабас абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас рибаялъул масъалаби баян гьарун тун рукlаралани нилъее бигьаяб букlинаан абун. Къуръаналда жаниб ахиралда рештlизабураб буго гьаб хадуб бугеб аят.

وَاتَّقُوا يَوْمًا تُرْجَعُونَ فِيهِ إِلَى اللَّهِ ثُمَّ تُوَفَّىٰ
كُلُّ نَفْسٍ مَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٢٨١﴾

**281. Нуж хlинкъа Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ руссизарулеб къоялдаса. Цинги щибаб напсалъе гьелъ гьабураб гlамалалъул хlисаб-мизан тlубан гьабулеб, ва цониги чиясе щибго зулмуги гьабулареб.**

Лъикlлъи гьабурасул лъикlлъи дагь гьабулареб ва квешлъи гьабурасул квешлъи цlикlкlизабулареб.

Гьаб аят рештlун хадуб хирияв аварагас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дунялалда ичlго къо бана. Гьесул унти бай бихьана шамат къоялъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг дунялалдаса ватlалъана итни къоялъ-рабигlул аввалалъул анцlила кlиабилеб къоялъ.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا تَدَايَنْتُمْ بِدَيْنٍ إِلَىٰ
أَجَلٍ مُسَمًّى فَاكْتُبُوهُ ۚ وَلْيَكْتُبْ بَيْنَكُمْ
كَاتِبٌ بِالْعَدْلِ ۚ وَلَا يَأْبَ كَاتِبٌ أَنْ يَكْتُبَ
كَمَا عَلَّمَهُ اللَّهُ ۚ فَلْيَكْتُبْ وَلْيُمْلِلِ الَّذِي

**282. Я гьал иман лъурал гlадамал! Нужеца цо налъи гьабураб мехалъ заман цlан цо жо бичун ва босун, нужеца гьеб налъи хъвай. Гьеб налъи жинца хъвалесги хиянат гьабичlого битlун хъвай абе.**

عَلَيۡهِ ٱلۡحَقُّ وَلۡيَتَّقِ ٱللَّهَ رَبَّهُۥ وَلَا يَبۡخَسۡ
مِنۡهُ شَيۡـٔٗاۚ فَإِن كَانَ ٱلَّذِي عَلَيۡهِ ٱلۡحَقُّ سَفِيهًا
أَوۡ ضَعِيفًا أَوۡ لَا يَسۡتَطِيعُ أَن يُمِلَّ هُوَ فَلۡيُمۡلِلۡ
وَلِيُّهُۥ بِٱلۡعَدۡلِۚ وَٱسۡتَشۡهِدُواْ شَهِيدَيۡنِ مِن
رِّجَالِكُمۡۖ فَإِن لَّمۡ يَكُونَا رَجُلَيۡنِ فَرَجُلٞ
وَٱمۡرَأَتَانِ مِمَّن تَرۡضَوۡنَ مِنَ ٱلشُّهَدَآءِ أَن تَضِلَّ
إِحۡدَىٰهُمَا فَتُذَكِّرَ إِحۡدَىٰهُمَا ٱلۡأُخۡرَىٰۚ
وَلَا يَأۡبَ ٱلشُّهَدَآءُ إِذَا مَا دُعُواْۚ وَلَا تَسۡـَٔمُوٓاْ أَن
تَكۡتُبُوهُ صَغِيرًا أَوۡ كَبِيرًا إِلَىٰٓ أَجَلِهِۦۚ
ذَٰلِكُمۡ أَقۡسَطُ عِندَ ٱللَّهِ وَأَقۡوَمُ لِلشَّهَٰدَةِ
وَأَدۡنَىٰٓ أَلَّا تَرۡتَابُوٓاْ إِلَّآ أَن تَكُونَ تِجَٰرَةً حَاضِرَةٗ
تُدِيرُونَهَا بَيۡنَكُمۡ فَلَيۡسَ عَلَيۡكُمۡ جُنَاحٌ
أَلَّا تَكۡتُبُوهَاۗ وَأَشۡهِدُوٓاْ إِذَا تَبَايَعۡتُمۡۚ
وَلَا يُضَآرَّ كَاتِبٞ وَلَا شَهِيدٞۚ وَإِن تَفۡعَلُواْ
فَإِنَّهُۥ فُسُوقُۢ بِكُمۡۗ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۖ
وَيُعَلِّمُكُمُ ٱللَّهُۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ
عَلِيمٞ ٢٨٢

**Цо хъвазе лъалев чиясухъе щиб бугониги жо хъваян гьарун рач1араб мехалъ, гьев чиясда Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **хъвай-ц1али лъазабун бугелъул, гьел г1адамал нахъч1вач1ого хъвазе ккела. Гьев чияс хъвай ва гьесда жинда бугеб налъи бице налъи т1ад бугес. Ва гьев Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъа гьереси бицине яги хиянат гьабизе.** Щибго жо балъго гьабич1ого, гъоркьобе теч1ого бице ва хъвай.
**Жинда х1акъ бугев чи заг1ипав, яги ах1макъав, яги жинда налъи бицизе к1оларев, лъаларев ватани, гьесул валияс бице налъул хабар, рит1ухъаб х1алалъ. Цинги гьаб кагъат хъваялда ва гьезда гьоркьоб бугеб х1акъалъе к1иго бихьинчи нуг1ги ч1езаве. К1иго чи гьеч1они цо чиги к1иго ч1ужу г1аданги ч1езаре нуг1заллъун, нуж гьезда разиял, хиянат, гьереси гьеч1ел г1адамаздаса. К1иго ч1ужуг1адан нуг1лъун ч1езае цо чиясул бак1алда: нагагь гьей к1иялъулго цоялда к1очараб жо цогидалъ рак1алда щвезабизе.**
**Нуг1лъи гьабизе ах1араб мехалъ нахъч1ван ч1еч1ого гьел нуг1зал ах1араб бак1алда ун нуг1лъиги гьабе. Налъи гьит1инаб бугониги, к1удияб бугониги хъвазе к1авах1аллъун тоге, заман ц1араб налъи бугеб мехалъ. Гьедин хъвай ва нуг1зал ч1езе гьари Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аск1об бит1араб г1адло буго. Нуг1лъи бит1ун гьабизе квербакъулеб ва нуж шакдарич1ого рук1изе лъик1аб буго.**
Кидагойишха налъи хъвалеб, ва нуг1залги ч1езарилел абуни: **г1исибикъинаб налъиялъе къвариг1иларо нуг1зал ва хъвай: нужеца кодоса кодобе кьолеб, ва щибаб къойилго гьабулеб, заман ц1анги бук1улареб. Нужее мунагь-х1акъ гьеч1о гьединаб налъи хъвач1ого танин абун.**
**Даран гьабулеб бак1алда нуг1залги ч1езаре. Нуг1ас яги хъвалев чияс заралги гьабизе бигьиларо:** хиянат гьабиларо, х1илла гьабиларо,

**нагагь гьединаб иш гьабуни, нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялда г1асилъарал пасикъал чаг1и рук1ула. Нуж Аллагьасдаса х1инкъа, гьес нужеда кинабго лъик1аб жо лъазабулеб буго. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда кинабго жо лъалев,** бихьулев ва раг1улев **вуго.**

*وَإِن كُنتُمْ عَلَىٰ سَفَرٍ وَلَمْ تَجِدُوا كَاتِبًا
فَرِهَٰنٌ مَّقْبُوضَةٌ ۖ فَإِنْ أَمِنَ بَعْضُكُم بَعْضًا
فَلْيُؤَدِّ الَّذِي اؤْتُمِنَ أَمَانَتَهُ وَلْيَتَّقِ اللَّهَ رَبَّهُ ۗ
وَلَا تَكْتُمُوا الشَّهَادَةَ ۚ وَمَن يَكْتُمْهَا
فَإِنَّهُ آثِمٌ قَلْبُهُ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ عَلِيمٌ ﴿٢٨٣﴾

**283. Нуж сапаралда рук1ун нужее хъвалев чи щвеч1они, нужеца гъоркь лъелалъе жо кье. Нуж цо-цаде божани,** ва хъвач1ого, нуг1 гьеч1ого, гъоркь жо лъеч1ого налъи гьабун бугони, **нужеца цоцазе гьабураб божи хвезабуге ва аманатги т1убай, гьелъулъ хиянат гьабизе Бет1ергьан Аллагьасдасаги х1инкъа. Нуг1лъи гьабизе т1ад босарав чияс гьебги бахчуге,** ва жив ах1араб мехалъ нуг1лъи гьабизе а. **Гьеб нуг1лъи бахчарав чи жиндир рак1алъ мунагь гьабулев вуго. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца гьабулеб кинабго г1амал жинда лъалев вуго.**

لِّلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَإِن تُبْدُوا
مَا فِي أَنفُسِكُمْ أَوْ تُخْفُوهُ يُحَاسِبْكُم
بِهِ اللَّهُ ۖ فَيَغْفِرُ لِمَن يَشَاءُ وَيُعَذِّبُ مَن يَشَاءُ ۗ
وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٨٤﴾

**284. ТIадегIанав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мулк буго зобал-ракьалги ва гьезда жаниб бугеб цогидаб махлукъатги,** гьеб кинабго Аллагьасе бихьулеб буго, гьелда тIад гьесул хIал кIолъиги буго. **Нужеца ракIазда бугеб жо загьир гьабуниги, балъго гьабуниги,** гьеб Аллагьасда лъала **ва гьелъул Аллагьас хIисаб гьабизе буго. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьарав чи тIаса лъугьун тола, ва жиндие бокьарасе гIазабги гьабула. ХIакълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIал кIолев вуго.** Ва жиндие бокьараб гIамал гьабизе щибго жоялъ жив гьукъуларев вуго.

Хириял асхIабзаби رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ жидер иман камилал рукIун, ва Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъи гучал рукIун, цIакъ пашманллъана гьаб аят рештIизабураб мехалъ: гьаниб абун бугелъул «нужеца гьабураб кинабго г1амалалъул хIисаб гьабизе буго»-абун. Гьелда гьоркьоб кколеб буго ракIалда ккарал хивалалги.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица Абугьурайратидаса رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ хIадис бицана:

*«Хирияв аварагасда* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *гьаб аят рештIизабураб мехалъ, гьеб цIакъ захIмалъана асхIабзабазда* رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ*. Цинги гьел Аллагьасул савалат салам лъеяв аварагасухъе рачIун, гьесда цере накабазде гIодор чIана*

*ва гьез абуна: «Я Бичасул авараг ﷺ! Гьанжелъизегlан нижеда таклип гьабун букlана (тlад къан букlана) нижеда гьабизе кlолеб гlамал: как байги, кlал кквейги, закат кьейги, жигьад гьабиги. Ва амма гьаб аяталда бугеб жо нижеда баччизе кlолареб ва жинда нахърилълъизе хlал кlолареб буго»- абун.* Ай гьел рекlел хиялал руго, жудеда тlад нижер хlалкlолъи гьечlел. *Цинги хирияв аварагас ﷺ абуна: «Нужее бокьунищ бугеб цересел умматаз гlадин: «нижж дур амруялда гlенеккана ва нижж гьелда гlасилъана»-абизе. Нужеца гьеб рагlи абуге. Нужеца абе: «Нижж дур амруялда гlенеккана ва мутlигlлъана, дуца нижер мунагьал чуре Бетlергьан Аллагь»- абун.* Х1адис имам Муслимица бицана.

Цинги Тlадегlанав Аллагьас ﷻ гьаб аяталда хадуб, гьелъул хlукму насхо гьабун: «Аллагьас цониги напсалда хlал кlолареб таклиф тlад къаларо»- абураб аят рештlизабуна. Хlадисалъул имамзабаз Абугьурайратидаса ؓ хlадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Хlакълъунго Аллагьас ﷻ дир умматалдаса тlаса лъугьун тана гьезул ракlазда ккарал квешал хиялазул хlисаб гьаби ва кlал гьикъи, гьез ракlалда ккараб жо гьабичlеб мехалъ ва кlалалъ бицун загьирги гьабичlеб мехалъ»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Цоги машгьураб хlадис буго, жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб: аварагас ﷺ абуна: Тlадегlанав Аллагьас ﷻ абуна:

*«Дир лагъасда ракlалда ккараб мехалъ цо квешлъи гьаби, нужеца гьеб хъваге (я дир малаикзаби). Цинги гьеб квешлъи гьабураб мехалъ цохlо квешлъи хъвай, тlаде щибго жо ц1икlизабичlого. Дир лагъасда ракlалда ккараб мехалъ лъикlаб гlамал гьаби ва гьеб гlамал гьабичlого хутlани нужеца гьесие цо лъикlаб гlамал хъвай. Жинца гьеб лъикlаб гlамал гьабураб мехалъ анцlго лъикlаб гlамаллъун хъвай»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّن رُّسُلِهِۦۚ وَقَالُواْ سَمِعۡنَا وَأَطَعۡنَاۖ غُفۡرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيۡكَ ٱلۡمَصِيرُ ٢٨٥

**285. Аллагьасул свалат салам лъеяв Расулуллагьас иман лъуна жинда Бетlергьанас рештlизабураб Къуръаналда ва цогидал муъминзабазги гьелда иман лъуна.** Хирияв аварагасда нахърилълъарал муъминзаби **жидеца иман лъолел ва жидер щибго шаклъи гьечlел руго Аллагь цо вукlиналда.** Кинабго жоялъул Бетlергьанлъун жив вугев,

жинда релълъараб ва жинда данде бачIунеб щибго жо гьечIев.

**Гьединго гьез иман лъола Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ малаиказдаги, гьес рештIизарурал тIахьаздаги, гьесул киналго аварагзабаздаги. Гьал муъминзабаз абула: «Нижеца аварагзабазда гьоркьоб щибго батIалъи гьабуларо ва киназдаго иман лъола»-абун.** Ягьудияз ва насранияз цо аварагасда иман лъола цогидазда лъоларо.

**Муъминзабаца абула: «Нижеда дур амру рагIана, нижеца гьеб къабулги гьабуна ва дуе ниж мутIигIлъана. Нижеца дудаса мунагьал рахчи гьарула БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ва ниж киналго дуда руссунел руго»**- абун.

لَا يُكَلِّفُ ٱللَّهُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا لَهَا مَا كَسَبَتْ
وَعَلَيْهَا مَا ٱكْتَسَبَتْ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِن
نَّسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا
إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُۥ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن
قَبْلِنَا رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِۦ
وَٱعْفُ عَنَّا وَٱغْفِرْ لَنَا وَٱرْحَمْنَآ أَنتَ
مَوْلَىٰنَا فَٱنصُرْنَا عَلَى ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ٢٨٦

**286. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ напсалда тIад лъоларо гьелъие гьабизе кIолеб таклип (тIадкъай, парз) гурони. Ва щибаб напсалъе жинца гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири букIизе буго, жинца гьабураб квешаб гIамалалъул кIал гьикъи ва гIазаб букIизе буго. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижее гIазаб гьабуге нижеда кIочараб ва ниж хатIаълъун ккараб жоялъул. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижеда тIадеги къаге раччизе захIматал таклипал, дуца цересел умматазда тIад къарал гIадин.**

Масала: Бануисраилазул тавбо гьаби напс чIваялдалъун букIана, ратIлил чороклъараб бакI къотIун нахъе реххи букIана. Гьадинаб захIматаб жо тIаде къаге нижеда абураб магIна бич1чIулеб буго гьаб цебе бицараб рагIиялдаса.

**Я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ! Нижеда тIубазе ва баччизе кIолареб жоги тIад биччаге.** Нижер х1албихьи гьабун ракъи-къеч, унти-балагь т1ад биччаге. **Дуца нижер мунагьал рахчун те, гьел тIаса инарун, мун нижеда гурхIа.**

«وَٱعْفُ عَنَّا» - ялъе г1алимзабаз маг1на гьабуна дудаги нижедаги гьоркьор ругел мунагьал т1аса лъугьун те абун. «وَٱغْفِرْ لَنَا» - ялъе маг1на гьабуна нижеда ва дур лагъзадерида гьоркьор ругел мунагьал рахче абун. Гьел нижер къабих1ал г1амалазда раккизаруге абураб маг1на буго гьелъул. «وَٱرْحَمْنَآ» - ялъе маг1на гьабуна нахъ хут1араб г1умруялъ ниж мунагьазулъ ккеялдаса ц1уне абун.

**Мун нижер хан вуго, нижее квер бакъулевги вуго,** нижер киналго умуразул тадбир гьабулевги вуго. **Дуца нижее квербакъе**

**Аллагь дур тушбабилъун ругел ва нижерги тушбабилъун ругел капураб къавмалда тIад бергьенлъи босизе.** Мун цо вукIиналда мукIурлъуларел, Дур диналда инкар ккурал, Дур аварагзабазда иман лъоларел. Мун гуресе жудеца лагълъи гьабулел, ва Дуца бижараб махлукъаталъе лагълъи гьабун дудехун ширк гьабулел. Дуда иман лъурал муъминзабаде данде тушманлъиялъул киналго къагIидаби хIалтIизарулел: х1ила, макро, гукки, рагъ гьаби, гIодорегIан гьари, лагълъиялде ккезе гьари ва цогидалги гIемерал умурал руго гьез гьарулел.

Аллагьасул ﷻ тушбаби исламияб диналда ва бусурбабада цIакъ тIад руссараб, киналго рекъон Аллагьасул диналъул нур тIагIинабизе лъугьараб замана буго гьаб. Аллагьасе гIоло жигьад гьабулел, гьесул хIукму ракьалда хьвадизабулел унго-унгоял муъминзабазда данде жидер рикIкIен гIемерал боял ва гIасияб ярагъ хIалтIизабулеб буго ва щибго гурхIел гьечIого гьел ракьалдаса тIагIизарулел руго.

Ва амма нилъ божарал руго Аллагьасул ﷻ дин бергьине букIиналда, купру- ширк къезе букIиналда. Аллагьас киналго муъминзабазе квербакъаги хIакъикъияб иман лъезе ва бит1араб гIибадат гьабизеги. Аллагьас нилъ мужагьидаздаса гьареги ва нилъее шагьадат насиб гьабеги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв хирияв аварагас абуна: *«Суратул Бакъараталъул ахираб кIиго аят цо чияс къаси (сардилъ) цIалани, гьесие гIей гьабула гьеб кIиго аяталъ»* - абун. Ай гьев чиясда гьеб сордоялъ зарал хъатIиларо. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Цоги аварагас ﷺ абуна: *«Зодисан Жабраил рештIана ва гьес абуна; дуе рохел буго МухIаммад ﷺ! Дуе к1иго нур кьуна, дудасан цебе цониги аварагасе къечIеб: суратул ФатихIат ва суратул Бакъараталъул ахирал аятал. Гьаб кIиябго нуралъул цохIо хIарп цIаланиги гьеб дуе кьола»* - абун. Х1адис имам Аннасаияс бицана къуч1аблъун.

Гьалъул магIна буго: суратул фатIихIатги дугIа буго, бакъараталъул ахирги дугIа буго ва гьеб дугIа цIалани дуе гьениб гьарараб жо кьола ва дуе жаваб гьабула абураб.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб хирияб сурат муъминзабазе сипат гьабиялдалъун бай бихьана, ва муъминзабазе лъикIаб дугIа гьабиялдалъун лъугьинеги гьабуна. Гьалда жаниб цIакъ кIудияб хIикмат буго ва Аллагьасул ﷻ лагъзадерида бугеб гурхIел-цIоб загьир гьаби буго, гьел лагъзал хIакъикъиял муъминзаби рукIизе бокьиги буго. Мух1канал хIадисал гIемер руго аятул курсийи, Бакъараталъул аввалал ва ахирал аятал цIалиялъул хиралъи

бицарал. Щивав муъминчияс паризаял каказда хадуб, къаси вегулеб мехалъ, радал тIаде вахъараб мехалъ цIализе лъикI буго гьел аятал. Гьелдалъун жиндир иманги камиллъула, щайтIаналъул вас-васаздаса ва зараладаса ц1унунги вукIула.

МагIна бичIун, гьелъул пикру ва тадбир гьабун цIалиялда жаниб гIемераб ажро-кири буго. МагIнаго лъачIого цIаланиги Къуръан цIалиялъул кири щвела ва гьеб гIибадатлъун рикIкIула: гьаб Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIиналда иман лъун цIалараб мехалъ.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъ кьеги жив разияб гIибадат гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасул квер бакъиялдалъун «Суратул Бакъараталъул» тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру цохIо Аллагьасе буго. Кинабго лъикIлъи ва цIоб- рахIматги гьесдаса буго.

سُورَةُ آلِ عِمۡرَانَ

# 3. Сурату А́ли Г1имран

*Гьаб буго жинда жаниб к1инусго аят бугеб, жиб Мадинаялда рещт1изабураб ва «суратул Бакъараталда» хадуб халатаб (к1удияб) сурат.*

*Гьалда жаниб бицен гьабун буго диналъул аслабаздаса к1удияб к1иго аслоялъул: Аллагь цо гьави ва гьелъие далилал рицин, хадуб Аллагьасул дин ракьалда бук1иналъе г1оло жигьад гьаби.*

*Суратул бакъараталда китабияллъун ругел ягьудиязул г1емер бицен гьабидал, гьаб сураталъул г1емер аятал руго насраниязул бицунел ва гьез аварагасде ﷺ гьабураб тушманлъиялъулги бицунел. Цоги гьаб сураталда жаниб бицун буго Аллагьасул салам лъеяв Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул, гьесул эбел Мариямил, мунапикъзабазул ах1валал, ва шарг1иял х1укмабиги.*

*Гьаб сураталъул авалалдаса байбихьун, ункъогоялдаса хадубалде щвезег1ан аятал рещт1изариялъе г1иллалъун бицана гьаб хадуб рехсараб жо: гьижраялъул ич1абилеб соналда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе Нажран абулеб бак1алдаса насраниял рач1ана диналъул х1акъалъулъ бах1с гьабизе. Гьезул лъабкъого чода рек1арав чи вук1ана жидер бищун хириял г1адамазул анц1ила ункъго чи вугел, гьездасан лъабгояв бищун к1удиял церехъаби рук1ана: (Г1абдулмасих1 ц1ар бугев гьезул амир вук1ана. Алягьам ц1ар бугев гьезул г1акълочи вук1ана ва Абух1арисат абулев г1алимчиги вук1ана). Хирияв аварагасулгун ﷺ бах1с гьабулаго гьез Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул х1акъалъулъ цин «Аллагь вуго гьев» абулеб бук1ана, цин «Аллагьасул вас вуго» абулеб бук1ана, цинги «Лъабгоязул лъабабилев» вугин абулеб бук1ана.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезда абуна: «Нужеда лъала гурищ нижер Бет1ергьан жив ч1агояв, жиндие хвел гьеч1ев вук1ин. Насранияз абуна лъала абун. Цинги аварагас ﷺ абуна: «Нужеда лъала гурищ нижер Бет1ергьан кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьеб ц1унулев, хьихьулев вук1ин. Г1исада عَلَيْهِ السَّلَامُ к1олищха гьабжо гьабизе?-абун. Насранияз абуна к1олароян абун. Цингиги аварагас ﷺ абуна: «Нужеда лъала гурищ х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин жинда зобал-ракьазда жаниб щибго жо балъго хут1уларев. Г1исада лъалищха гьеб кинабго жо? - абун. Гьез абуна лъалароян абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужеда лъала гурищ нижер Бет1ергьан вук1ин жинца квен кваналарев, лъим гьекъоларев, жиндаса къват1ибе щибгожо бач1унарев. Г1иса* عَلَيْهِ السَّلَامُ *квен кваналев вук1ана, лъим гьекъолевги вук1ана, жиндаса къват1иб х1адас бач1уневги вук1ана» - абун. Насранияз абуна бит1араб бугоян-абун.*

*Цинги аварагас* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *абуна: кинха гьев Г1иса* عَلَيْهِ السَّلَامُ *нужеца абухъе Аллагьлъун яги Аллагьасул васлъун вук1унев?- абун. Насраниязул гьеб раг1иялъе жаваб бук1инч1о, киннигин х1алхъублъи гьабун, инкар ккун ч1ана.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*** بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1. **Алиф лам мим.** Т1адег1анав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала гьал х1урупал абиялдалъун бугеб жиндир мурад. الٓمٓ ﴿١﴾

2. **Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жив цогояв, цоги алагь гьеч1ев вуго:** ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْحَىُّ ٱلْقَيُّومُ ﴿٢﴾
жиндие лагълъи гьабизе мустах1икъав ва жинца г1аламалъул тадбир гьабулев, **жив ч1агояв, ч1аголъи даимав, жиндие хвел гьеч1ев вуго. Лагъзадерил умурал жиндир тадбиралдалъун т1убалев ва т1орит1улев вуго.**
Г1алимзабаца абуна: гьаб аяталда жаниб жиндалъун гьарараб гьари т1убалеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1ар бугин абун. Гьелда абула «исмуллагьил аг1зам» абун, Аллагьасул ц1акъ к1удияб ц1ар.

3. **Т1адег1анав Аллагьас дуде Къуръан рещт1изабуна Мух1аммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**. мух1канал, баянал х1ужабаздалъун ва далилаздалъун,** мун х1акъав авараг вук1ин бицунел ва гьаб **Къуръаналда цере рещт1изарурал т1ахьалги жинца рит1ухъ гьарулеб. Гьединго** дица **Инжилги, Тавратги рещт1изабуна** نَزَّلَ عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ وَأَنزَلَ ٱلتَّوْرَىٰةَ وَٱلْإِنجِيلَ ﴿٣﴾

4. **гьеб Къуръан рещт1изабилелде цебеккун, гьел т1ахьал г1адамал бит1араб диналда т1орит1улеллъун рук1изе.** Ва х1акъабги бат1улабги жо бат1а гьабиги малъана гьел т1ахьалги рещт1изарун. **Ва Къуръанги рещт1изабуна** жинца х1алалаб ва х1арамаб жо баян гьабулеблъун, къосинги т1орит1иги баян гьабулеблъун. مِن قَبْلُ هُدًى لِّلنَّاسِ وَأَنزَلَ ٱلْفُرْقَانَ ۗ إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ۗ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ ذُو ٱنتِقَامٍ ﴿٤﴾

Жидеда Гьал т1ахьалги рещт1изарун х1акъаб жо лъан хадубги **жидеца Аллагьасул ﷻ аятазда ва аварагзабазда инкар кколел г1адамазе ц1акъ гучаб г1азаб бук1изе буго. Х1акълъунго Аллагь жинда г1асилъараздаса ццин босизе к1олев вуго ва жив ц1акъ гучав, жиндир амру нахъч1вазе к1олеб щибго жо гьеч1ев вуго.**

إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَخْفَىٰ عَلَيْهِ شَيْءٌ فِي ٱلْأَرْضِ وَلَا فِي ٱلسَّمَآءِ ﴿٥﴾

**5. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьасда ﷻ зобалазда ва ракьазда бугеб щибниги жо балъго хут1уларо.**

Гьев кинабго жоялда т1ад жиндир х1алк1олъи билълъарав вуго.

هُوَ ٱلَّذِي يُصَوِّرُكُمْ فِي ٱلْأَرْحَامِ كَيْفَ يَشَآءُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٦﴾

**6. Гьев Аллагь ﷻ, эбелалъул рах1муялда жаниб жиндие бокьараб х1алалъ нужер сурат гьабулев вуго.**

Берцинаб яги къабих1аб сурат гьабун, бихьинаб яги ц1уяб лъимер бижизабун. **Жив гурев цоги Аллагь гьеч1ев вуго:** жиндие лагълъи гьабулев ва жинца кинабго махлукъат хьихьулев ва гьелъул тарбия гьабулев, **жиндир ханлъи гучав, жинда данде щибго жо бач1унарев вуго.**

**Жиндир гьабулеб пишаялъулъ х1акимияв вуго:** мурад, пайда гьеч1еб жо жинца гьабуларев, г1аламалъул тадбир мух1канго ва камилго гьабулев.

هُوَ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ مِنْهُ ءَايَٰتٌ مُّحْكَمَٰتٌ هُنَّ أُمُّ ٱلْكِتَٰبِ وَأُخَرُ مُتَشَٰبِهَٰتٌ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَٰبَهَ مِنْهُ ٱبْتِغَآءَ ٱلْفِتْنَةِ وَٱبْتِغَآءَ تَأْوِيلِهِۦ وَمَا يَعْلَمُ تَأْوِيلَهُۥٓ إِلَّا ٱللَّهُ وَٱلرَّٰسِخُونَ فِي ٱلْعِلْمِ يَقُولُونَ ءَامَنَّا بِهِۦ كُلٌّ مِّنْ عِندِ رَبِّنَا وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٧﴾

**7. Гьев Бет1ергьан Аллагь ﷻ вуго жинца дуде Къуръан рещт1изабуравги. Гьеб Къуръаналда жанир жидер т1орит1ел гьаби ва далилллъун рук1ин баянал аятал руго.**

Пуланаб жо х1арамаб буго, пуланаб жо х1алалаб буго, пуланаб жо гьабе, пуланаб жо гьабуге абун. **Гьел аятал Къураъаналъул г1емерисел руго ва гьеб Къуръаналъул аслияб къаг1идаги буго. Цоги аятал руго Къуръаналда жанир жудер загьираб маг1на гьабун хал гьабураб мехалъ г1емерисел г1адамазда гьездаса шарг1ияб х1укмо босизе к1оларел.** Жидер маг1на ва мурад г1алимзабаца баян гьабулел. **Жудер рак1азулъ унти бугел мунапикъал г1адамал нахърилълъунел руго ва гьез ц1ехолел руго гьединал аятал ва гьез гьел аятал х1алт1изарулел**

**руго бусурбабазда гьоркьоб питна гьабиялъе г1оло ва гьел аятазул мекъаб маг1на гьабизе г1ологи.**

Гьедин гьабуна насраниязги Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг Аллагь вуго, я гьесул вас вуго абураб маг1на. Къуръаналда жаниб бугеб: «Марямиде бит1араб Аллагьасул калам буго ва Аллагьасул рух1 буго»-абураб раг1иялъул маг1на жидее бокьараб рахъалде хисизабуна ва гьев Г1иса авараг «Аллагьасул лагъ вуго ва гьесул расул вуго»-абураб раг1иги бахчана.

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръаналда жаниб баян гьабичlого тараб жоялъул маг1на Аллагьасда гурони лъаларо. Аллагьас жидее г1елму кьурал г1адамаздаги лъала гьеб Къуръаналдаса Аллагьас лъазабураб къадар. Жидеда маг1на бич1ч1ич1еб жоялъул х1акъалъулъ г1алимзабаз абула: «нижеца иман лъола Аллагьасда ва гьесул калам Къуръаналдаги. Гьеб кинабго Аллагьасул калам буго»-абун. Х1акъаб жо бич1ч1уларо ва гьелъул ваг1заги босуларо Аллагьас жидее г1акъло ва бич1ч1и кьурал муъминзабаца гурони.**

8. Жидер иман камилал муъминзабаца абула: **«Я нижер Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, дуца нижер ракlал х1акъаб диналдаса руссизе (гьет1изе) гьаруге, дуца нижеда х1акъаб дин лъазабун ва гьелда ниж т1орит1ун хадуб. Ва дуца нижее дур рахъалъан рах1мат, ц1обги кье. Х1акълъунго мун г1емер гурх1ел- рах1мат кьолев вуго** ва дуе рокьарал муъминзаби х1акъаб диналда т1орит1улев вуго»-абун.

رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا
مِن لَّدُنكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنتَ الْوَهَّابُ ۝٨

9. **Я нижер бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Мун кинабго халкъ жиндилъ щаклъи гьеч1еб къиямасеб къоялъ данде гьарулев вуго. Ва х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жиндир къот1уе хилиплъи гьеч1ев вуго.**

رَبَّنَا إِنَّكَ جَامِعُ النَّاسِ لِيَوْمٍ لَّا رَيْبَ فِيهِ
إِنَّ اللَّهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيعَادَ ۝٩

10. Аллагьасул г1азаб рещт1араб мехалъ **капурал г1адамазе щибго кумек гьабуларо ва г1ей гьабуларо гьезул боц1иялъ ва лъималаз. Гьел капурал г1адамал руго жидер чурхдуздалъун жужах1 боркьулеллъун.**

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَن تُغْنِيَ عَنْهُمْ
أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُم مِّنَ اللَّهِ شَيْئًا
وَأُولَٰئِكَ هُمْ وَقُودُ النَّارِ ۝١٠

Дунялалъул ц1а ц1улги лъун бакулеб г1адин, жужах1алъул ц1а капурал г1адамазул чурхдуздалъун ва гьез жидее лагълъи гьабурал

хъанчаздалъун боркьула.

كَدَأْبِ ءَالِ فِرْعَوْنَ وَٱلَّذِينَ مِن
قَبْلِهِمْ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا فَأَخَذَهُمُ ٱللَّهُ
بِذُنُوبِهِمْ وَٱللَّهُ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿١١﴾

11. Киналго капурзабазул х1ал **жидеда церехун рук1арал пирг1авнил къавмалъул ва гьезде цере арал капурзабазул х1алалда рельлъун буго. Гьел киназго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **г1аламатал: аварагзаби ва т1ахьал гьереси гьаруна, цинги Аллагьас гьезие г1азаб гьабуна жидер мунагьал сабаблъун. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда г1асилъарал лагъзадерие г1акъуба-г1азаб гучав вуго.**

قُل لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ سَتُغْلَبُونَ
وَتُحْشَرُونَ إِلَىٰ جَهَنَّمَ وَبِئْسَ ٱلْمِهَادُ ﴿١٢﴾

12. Гьаб аят рещт1изабуна Мадинаялъул ягьудиязул х1акъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Бадроялда рагъ гьабун, къурайшияздаса бергьун Мадинаялде вач1араб мехалъ, жинца киналго ягьудиял данде ах1ана ва гьезда абуна: *«Я гьал ягьудиял! Нуж иман лъун исламалде рач1а, Бадроялда къурайшиязде щвараб г1адаб балагь нужеде щвелелде цере, нужеда дун х1акъав авараг вук1инги лъалеб бугелъул»–абун. Ягьудияз абуна: «Я Мух1аммад! Мун ч1ух1уге Бадроялда жагьилал, рагъ лъаларел къурайшияздаса бергьанин абун. Мун нижгун вагъизе вахъани, дуда лъазе буго, ниж бах1арзал рук1ин, ва ниж г1адал рагъухъаби дуда данде ч1валаро» –* абун.

Цинги т1адег1анав Аллагьас гьаб аят рещт1изабуна: **Дуца капурзабазда абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **нуж рагъда къезе руго, ва ахираталда жужах1алде руссинаризеги руго. Ц1акъ квешаб бусен буго гьеб жужах1алъул ц1а.** Гьаб аятги аварагасе ругел муг1жизатаздаса цо муг1жизат буго: капурзабазда нуж къезе руго абун бицин ва хадуб гьеб хабар х1акълъун бихьиги.

قَدْ كَانَ لَكُمْ ءَايَةٌ فِى فِئَتَيْنِ ٱلْتَقَتَا
فِئَةٌ تُقَٰتِلُ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ وَأُخْرَىٰ
كَافِرَةٌ يَرَوْنَهُم مِّثْلَيْهِمْ رَأْىَ ٱلْعَيْنِ
وَٱللَّهُ يُؤَيِّدُ بِنَصْرِهِۦ مَن يَشَآءُ إِنَّ فِى
ذَٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّأُو۟لِى ٱلْأَبْصَٰرِ ﴿١٣﴾

**13. Нужее ваг1за босизе, пикро гьабизе г1аламат бук1ана; рагъуе данде ч1вараб к1иго къокъаялъулъ: цо къокъа Аллагьасул диналъе г1оло рагъулеб ва цоги къокъа капурзабазул бо, щайт1аналъул нухалда рагъулел. Гьел капуразул беразда бусурбаби к1иго нухалъ г1емер ругин абун бихьана** ва гьезул рак1азулъ х1инкъиги рехана. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьарав чиясе квербакъи гьабула. Х1акълъунго Гьаб**

**аяталда жанибги г1акъло - лъай бугел г1адамазе пикро гьабизе ва ваг1за босизе г1ураб т1орит1ел буго.**

زُيِّنَ لِلنَّاسِ حُبُّ ٱلشَّهَوَٰتِ مِنَ ٱلنِّسَآءِ
وَٱلْبَنِينَ وَٱلْقَنَٰطِيرِ ٱلْمُقَنطَرَةِ مِنَ ٱلذَّهَبِ
وَٱلْفِضَّةِ وَٱلْخَيْلِ ٱلْمُسَوَّمَةِ وَٱلْأَنْعَٰمِ
وَٱلْحَرْثِ ۗ ذَٰلِكَ مَتَٰعُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ وَٱللَّهُ
عِندَهُۥ حُسْنُ ٱلْمَـَٔابِ ﴿١٤﴾

**14. Г1адамазе берцин бихьизабун буго чорхое бокьулеб, гьава-напсалъ т1алаб гьабулеб жо, щиб гьеб абуни: руччаби руго гьел ва васалги руго ва г1емераб месед-г1арацалъул ва цогидаб жоялъул хазинаги буго, ч1ух1арал, тайпа ц1акъал чуялги руго. Х1айваналги руго** (варанаби ч1ег1ербоц1и ва г1иял) **ва ах, хур-херги буго. Гьаб кинабго жо буго дунялалъул рукъалъул бечелъи, берцинлъи ва маг1ишат.** Жиб хехго т1асан унеб, жинда щибго божи гьеч1еб, жиб сабаблъун г1емер рек1ел къварилъи т1аде бач1унеб, жакъа бук1аниги метер т1асан унеб. **Ва амма Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго муъминзабазе жинда аск1об ц1акъ берцинаб руссин бугев** (ай алжан) **ва лъик1аб ажро кириги бугев.**

۞ قُلْ أَؤُنَبِّئُكُم بِخَيْرٍ مِّن ذَٰلِكُمْ ۚ
لِلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ عِندَ رَبِّهِمْ جَنَّٰتٌ تَجْرِى مِن
تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا وَأَزْوَٰجٌ
مُّطَهَّرَةٌ وَرِضْوَٰنٌ مِّنَ ٱللَّهِ ۗ
وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ﴿١٥﴾

**15. Дуца г1адамазда абе Мух1аммад** ﷺ**: дица нужеда бицилищ дунялалъул нужее бокьулеб маг1ишаталдаса нужее лъик1аб жо? Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъарал муъминзабазе гьесда аск1об ахираталда х1адурун руго жидеда жанисан** рахьдал ва гьац1ул, т1аг1амаб лъималъул ва лазатаб хамроялъул **г1орал чвахулел алжаналъул ахал. Гьел алжаназда муъминзаби лъугьизарула даимго рук1инелъун. Кинабго рак1 къалеб жоялдаса жал рац1ц1адал ва кинабго лазат щолеб т1абиг1ат бугел руччабиги руго гьел алжаназда.** Бищунго к1удияб ниг1мат Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи, ва гьев вихьи буго. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **лагъзадерил рек1ел хиялалги лъалев вуго,** ва кинавго инсанасе гьесул г1амалалда рекъараб жазаъ гьабулевги вуго.

ٱلَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَآ إِنَّنَآ ءَامَنَّا فَٱغْفِرْ
لَنَا ذُنُوبَنَا وَقِنَا عَذَابَ ٱلنَّارِ ﴿١٦﴾

**16.** Гьал цере рехсарал алжанал х1адурун руго **жидеца абулел муъминзабазе: «Я нижер бет1ергьан Аллагь! Х1акълъунго Ниж дуда ва дур аварагзабазда ва т1ахьазда иман лъурал руго. Дуца нижер**

**мунагьал рахче, Аллагь ﷻ, ва дуца ниж жужах1алдасаги ц1уне» – абун.**

ٱلصَّٰبِرِينَ وَٱلصَّٰدِقِينَ وَٱلْقَٰنِتِينَ وَٱلْمُنفِقِينَ وَٱلْمُسْتَغْفِرِينَ بِٱلْأَسْحَارِ ﴿١٧﴾

17. гьел муъминзаби руго: **Аллагьасе ﷻ т1аг1ат-г1ибадат гьабиялда сабро гьабулел ва гьесда г1асилъиялдасаги сабро гьабулел. Жидер иманалъулъ рит1ухъал** ва рагъда тущмангун данде ч1ваниги рит1ун ч1олел: жал х1инкъуларел, лъутуларел. **Аллагьасде мут1иг1ал:** къварилъи кканиги, г1ат1илъи, рах1ат- бечелъи бугониги. **Жидеца х1алалаб боц1и т1алаб гьабун Аллагь разилъулеб нухда гьеб напакъаде кьолел. Ва радакь т1аде рахъун Аллагьасе ﷻ т1аг1ат гьабун, гьесда жидер мунагьал чури гьарулел.**

Радакь г1уж рехсеялда жаниб х1икмат буго: бищун макьу гьуинаб, черх г1одоб биччараб заманаялъ, хинаб бусенги тун т1аде вахъун, какие чурун, как бан, Аллагьасе х1елулев чи унго-унгояв муъминчи гурого вук1уларо. Гьеб г1уж буго г1адамал Аллагьасдаса гъапулаб. Гьеб радакь вахъун Аллагьасда ﷻ гьарулев чиясул ракl бац1ц1адаб бук1уна дунялалъул ургъелаздаса ва пикрабиги Аллагьасде руссун рук1ула. Гьедин гьабураб дуг1а жаваб кьеялде хьул бугеб бук1ула. Гьеб х1алалъулъ Аллагьасда т1аса лъугьаян ва мунагьал чуреян гьари бищунго мустах1икъаб буго.

شَهِدَ ٱللَّهُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَأُو۟لُوا۟ ٱلْعِلْمِ قَآئِمًۢا بِٱلْقِسْطِ ۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١٨﴾

18. **Т1адег1анав Аллагьас ﷻ нуг1лъи гьабун жиндир лагъзадерида лъазабуна х1акълъунго жиндие лагълъи гьабулев цоги хан гьеч1о абун цох1о Аллагь гурев. Гьединго Аллагь цо вук1иналъе нуг1лъи гьабуна малаикзабазги.** Аллагь ﷻ цо вук1иналде т1орит1ел гьабулел далилал рицун, **г1елму-г1акълуялъул бет1ергьабазги нуг1лъи гьабуна гьев цо вук1иналда. Т1адег1анав Аллагь ﷻ жиндир махлукъаталъул тадбир бит1ун гьабулев,** гьезул ризкъи ва ажал т1убазабулевлъун вуго. **Жив гурев цоги Аллагь гьеч1ев, жиндир гуч бергьарав, жинца кинабго жо г1елму- х1икматалда рекъон хьвадизабулев вуго.**

Гьаб аяталда жаниб т1орит1ел буго исламияб диналъул г1алимзаби Аллагьасе хириял рук1иналда ва жидер къадру т1адег1анал рук1иналдаги. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ г1алимзаби нуг1заллъун ч1езарун, гьезул рахъалъан абулеб буго: «Малаикзабаца ва г1алимзабаца

нуг1лъи гьабулеб буго Аллагь цо вук1иналда» – абун.

إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلْإِسْلَٰمُ ۗ وَمَا ٱخْتَلَفَ
ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ إِلَّا مِنۢ بَعْدِ
مَا جَآءَهُمُ ٱلْعِلْمُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۗ وَمَن يَكْفُرْ
بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ فَإِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿١٩﴾

**19. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда разилъулеб ва гьес къабул гьабулеб дин исламияб дин буго.** Аллагь цо вук1иналда рак1ч1ун, гьесул авараг рит1ухъ гьавун, Къуръан-х1адисалда нахъвилълъун гьабулеб дин буго гьеб исламияб дин. Киналго аварагзабиги киналго т1ахьалги гьеб исламияб диналдалъун рач1арал руго.

**Жидехъ т1ехь кьурал ягьудиял ва насраниял хилиплъич1о, рикь-рикьич1о, гьезухье х1акъаб г1елму лъай бач1ун хадуб гурони.** Гьеб х1акъаб жоги Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вуго ва гьесда рещт1изабураб Къуръан буго. Авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вит1илелде цере гьел гьесул сипатал рицунел ва гьев вач1ин рит1ухъ гьабулел рук1ана.

**Гьезул хилиплъи ва инкар кквей загьирлъич1о жидер х1ал хъублъиялъ гурони.** Жидехъ бугеб ханлъи ва халкъ нахъбилълъин т1аса ине бокьич1ого гурони. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятазда инкар кколел г1адамазда лъан бук1а абе: х1акълъунго т1адег1анав Аллагь жидер х1исаб ц1акъ хех гьабулев вук1ин ва гьезул руссунеб бак1 жужах1 бук1унеблъи.**

فَإِنْ حَآجُّوكَ فَقُلْ أَسْلَمْتُ وَجْهِىَ لِلَّهِ
وَمَنِ ٱتَّبَعَنِ ۗ وَقُل لِّلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ
وَٱلْأُمِّيِّۦنَ ءَأَسْلَمْتُمْ ۚ فَإِنْ أَسْلَمُوا۟ فَقَدِ
ٱهْتَدَوا۟ ۖ وَّإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّمَا عَلَيْكَ ٱلْبَلَٰغُ ۗ
وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ﴿٢٠﴾

**20. Цингиги капураз ва мушриказ дудехун къец гьабуни** дур диналъул х1акъалъулъ ва гьез иманги лъолеб гьеч1они, **дуца гьезда абе Мух1аммад,** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **«дун т1убанго дир Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мут1иг1лъун, дица дир напс гьесда кодоб кьуна** ва дун гьев Аллагьасул лагъ вуго. **Гьединго Аллагьасе мут1иг1ал лагъзал руго дида нахърилълъарал муъминзабиги»– абун.**

**Цинги дуца жидехъе т1ехь кьуразда ва т1ехь кьеч1ел г1арабияздаги абе: «Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъун нуж гьесда мут1иг1лъулищ?»– абун. Иман лъун гьел мут1иг1лъани гьел х1акъаб диналда т1орит1арал руго. Нагагь иман лъеч1ого гьел жидерго купруялда ч1ани,** гьелъул дуда щибго г1айиб гьеч1о ва дур рак1 къварилъуге: **дуда т1адаб жо буго гьезухье х1акъаб дин щвезаби ва гьезда**

**насих1ат гьаби. Х1акълъунго Аллагь ﷻ жиндир лагъзадерил х1ал лъалев вуго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ягьудиял ва насраниял Аллагьасул амруялда нахърилълъиналде ах1араб мехалъ, гьез абуна: «Нижеца Аллагьасда ﷻ иман лъуна ва ниж гьесул амруялда нахърилълъана» – абун. Цинги ягьудияздa абидал: «Нужеца иман лъолищ Г1иса عليه السلام Аллагьасул авараг ва лагъ вук1иналда» – абун, гьез абуна: «Аллагьас ц1унаги гьеб жоялдаса» – абун. Гьаб буго китабиязул иман лъеялдаса руссин ва гьезул дин къабул гьабунгут1иялъе г1илла. Дин къабул гьабиялъе шарт1 буго Аллагьасда ﷻ иман лъейи ва киналго аварагзабаздаги т1ахьаздаги иман лъей.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَكۡفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَيَقۡتُلُونَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ بِغَيۡرِ حَقّٖ وَيَقۡتُلُونَ ٱلَّذِينَ يَأۡمُرُونَ بِٱلۡقِسۡطِ مِنَ ٱلنَّاسِ فَبَشِّرۡهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ٢١

**21. Х1акълъунго жидеца Аллагьасул ﷻ аятазда инкар кколел ва щибго г1иллаги гьеч1ого аварагзабиги ч1валел, гьединго х1акъаб жоялдалъун амру гьабулел муъминзабиги ч1валел: дуца гьал зулмучаг1азда рохел бице, Мух1аммад ﷺ, гьезие ц1акъ унтизабулеб жужах1алъул г1азаб бук1ине бугин** абун.

أُوْلَـٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ حَبِطَتۡ أَعۡمَٰلُهُمۡ فِي ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِ وَمَا لَهُم مِّن نَّـٰصِرِينَ ٢٢

**22. Гьал г1адамал руго дунялалда ва ахираталда жидер кинабго г1амал г1адада хварал ва жидее щивго квербакъулев чиги гьеч1ел**

Аллагьасул г1азаб гьезда щвараб мехалъ. Гьезул ц1акъ к1удияб, жинда т1аса лъугьулареб лъабго мунагь буго: Аллагьасда ﷻ инкар кквей, аварагзаби ч1вай ва Аллагьасул диналде ах1улел муъминзаби ч1вай.

أَلَمۡ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ أُوتُواْ نَصِيبٗا مِّنَ ٱلۡكِتَٰبِ يُدۡعَوۡنَ إِلَىٰ كِتَٰبِ ٱللَّهِ لِيَحۡكُمَ بَيۡنَهُمۡ ثُمَّ يَتَوَلَّىٰ فَرِيقٞ مِّنۡهُمۡ وَهُم مُّعۡرِضُونَ ٢٣

**23. Мун г1ажаиблъуларищ Мух1аммад ﷺ, жидехье Таврат кьурал ва гьеб ц1ализеги лъалел ягьудиязул пишаялда. Цинги гьел ах1идал Тавраталда хъвараб жоялда рекъон х1укму гьабизе рач1аян абун – гьезул цо къокъа х1укму гьабиялдаса мугъ бан унел руго ва гьез Тавраталда г1амал гьабиги толеб буго.**

Гьеб буго гьезул т1абиг1ат: х1акъаб жоялдаса руссунеб ва бат1улаб жо т1аса бищулеб.

Гьаб аят рещт1изабуна: зина гьабурал ягьудиял х1укму гьабизе

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рач1индал, гьел ч1инхица ч1вазе х1укму гьабуна. Гьеб х1укму Тавраталдаги бугеб бук1ана. Ягьудиязул г1алимаз абуна нижер Тавраталда гьединаб х1укму гьеч1ин абун. Цинги Таврат босун бач1индал гьениб зиначи ч1инхица ч1ваялъул х1укму батана ва гьел к1иялго ягьудиял ч1имих реч1ч1ун ч1вана.

Хадубги ягьудиязул къабих1лъи бицун Аллагьас ﷻ абулеб буго:

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوا لَن تَمَسَّنَا النَّارُ إِلَّا أَيَّامًا مَّعْدُودَاتٍ ۖ وَغَرَّهُمْ فِي دِينِهِم مَّا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٢٤﴾

24. Гьел ягьудал ч1ух1ун рук1иналъе г1илла буго **гьез абулеб бук1ин** жал аварагзабазул лъимал ругин **ва жидеда жужах1алъул ц1а хъваларин дагьалго къояз гурони-абун. Гьезул** умумуз бачие лагълъи гьабураб к1икъого къоялъ гурони абун. **жудер диналъулъ гьел гуккун руго жидеца гьереси бицунеб бук1иналдалъун,** хасго Аллагьасде г1унт1изабун гьереси бицунеб бук1иналъ.

فَكَيْفَ إِذَا جَمَعْنَاهُمْ لِيَوْمٍ لَّا رَيْبَ فِيهِ وَوُفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٢٥﴾

**25. Гьезул х1ал кинха бук1инеб дица гьел киналго данде гьаруraб къоялъ – жиндилъ щибго щаклъи гьеч1еб къиямасеб къоялъ. Цинги щибаб напсалъул х1исабги гьабидал, гьез гьабураб г1амалалда рекъон жазаъги гьабидал, щибго зулму гьабич1ого.**

Ай гьеб къоялъ лъазе буго ягьудиязда дунялалда гьез гьабулеб бук1араб къабих1аб г1амалалъул х1асил ва гьезие жазаъги абадияб жужах1 бук1изе буго.

قُلِ اللَّهُمَّ مَالِكَ الْمُلْكِ تُؤْتِي الْمُلْكَ مَن تَشَاءُ وَتَنزِعُ الْمُلْكَ مِمَّن تَشَاءُ وَتُعِزُّ مَن تَشَاءُ وَتُذِلُّ مَن تَشَاءُ ۖ بِيَدِكَ الْخَيْرُ ۖ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٦﴾

26. Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Макка шагьар исламияб лъугьун хадуб асх1абзабазда рохел бицана Пурсазулги Румазулги улкаби исламиял рук1изе ругин абун. Цинги мунапикъаз ва ягьудияз абуна: киб бук1араб жо Мух1аммадие ﷺ Пурсазулги Румазулги ханлъи. Гьел ц1акъ къуватал улкаби руго. Гьасие Макка шагьар г1оларогониш бугеб?- абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас гьаб аят решт1изабуна:

**Дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Я дир Аллагь, я кинабго ханлъиялъул ва киналго ханзабазул малик! Мун вуго, дуе бокьарасе ханлъи кьолев, ва дуе бокьарасухъан ханлъи бахъулев.** Гьаб

махлукъаталъул цоги г1ахьалчи гьеч1ев хан мун вуго Аллагь ﷻ. **Дуе бокьарав т1адег1ан гьавулев вуго мун. Дуе бокьарав г1одовег1ан гьавулевги вуго. Дуда кодоб буго кинабго лъик1лъиялъул ихтияр ва ханлъи ва мун дуе бокьараб жо бокьухьин гьабизе х1ал к1олев вуго,** кинабниги жо дуе квегъараб буго, дур кверщаликь буго.

تُولِجُ ٱلَّيۡلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَتُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيۡلِۖ وَتُخۡرِجُ ٱلۡحَيَّ مِنَ ٱلۡمَيِّتِ وَتُخۡرِجُ ٱلۡمَيِّتَ مِنَ ٱلۡحَيِّۖ وَتَرۡزُقُ مَن تَشَآءُ بِغَيۡرِ حِسَابٖ ٢٧

**27. Мун вуго Аллагь ﷻ дуца сордо къоялда жаниб лъугьизабулев** - (цинги къо к1одолъун сордо гьит1инлъула), **ва къо сордоялда жаниб лъугьизабулевги** (цинги къо гьит1инлъун сордо к1одолъула) – **Мун вуго Аллагь ﷻ хвараб** (рух1 гьеч1еб) **маниялдаса ч1агояб х1айван ва инсан лъугьизабулев, ва ч1агояб жоялдаса рух1 гьеч1еб мани бач1инабулевги.**

Гьединго буго мугьалдасан хур бижи, г1анк1уялдасан хоно бач1ин, гагаялдаса гьвет1 бижи. Цоги г1алимас абуна: хварав чиясда релълъарав капурчиясдаса муъминчи гьавула, муъминчиясдаса капурчиги гьавула абун. **Мун вуго Аллагь ﷻ дуе бокьараб жоялъе щибго х1исаб гьеч1ого г1емераб ризкъи кьолевги.**

لَّا يَتَّخِذِ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ٱلۡكَٰفِرِينَ أَوۡلِيَآءَ مِن دُونِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَۖ وَمَن يَفۡعَلۡ ذَٰلِكَ فَلَيۡسَ مِنَ ٱللَّهِ فِي شَيۡءٍ إِلَّآ أَن تَتَّقُواْ مِنۡهُمۡ تُقَىٰةٗۗ وَيُحَذِّرُكُمُ ٱللَّهُ نَفۡسَهُۥۗ وَإِلَى ٱللَّهِ ٱلۡمَصِيرُ ٢٨

**28. Муъминзабаца муъминзабиги тун капурзаби гьудулзабилъун ва божарал г1адамаллъун ккоге. Гьел капурзаби гьудулзабилъун кколел г1адамал Аллагьасда ﷻ аск1об жидее щибго къадру гьеч1ел руго. Нагагь гьел капурал г1адамаз нужее зарал гьабиялда х1инкъани, гьезулгун т1асангояб (рек1елъ гьеч1еб) гьудуллъи гьабун гурони,** мац1алдалъун рекъел бугеб хабар бицун гурони.

Гьаб буго ах1макъал г1адамазда х1ал рекъезабиялъул нух. Цо раг1и буго «Нилъ цо г1адамазда ралагьун гьимизе ккола рак1алъ гьезие наг1ана (лаг1нат) кьолеб бук1ингун цадахъ» - абун. **Аллагьас нуж х1инкъеян амру гьабулеб буго жиндир ццин бахъиялдаса** ва жив разилъулареб г1амал гьабизе. **Ахир руссинги Аллагьасде буго** ва щибаб напсалъул х1исаб-мизанги гьес гьабизе буго.

قُلۡ إِن تُخۡفُواْ مَا فِي صُدُورِكُمۡ أَوۡ تُبۡدُوهُ يَعۡلَمۡهُ ٱللَّهُۗ وَيَعۡلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٢٩

**29. Дуца жегиги абе Мух1аммад ﷺ: «Нужеца рак1азда жаниб жо бахчун бугониги, яги гьеб загьир гьабуниги, Аллагь ﷻ гьеб лъалев вуго. Жегиги Аллагьасда лъала зобал**

**ракьазда жаниб бугеб кинабго жо, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир кинабго жоялда х1алк1олев вуго»-абун**

يَوْمَ تَجِدُ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ مِنْ خَيْرٍ مُّحْضَرًا وَمَا عَمِلَتْ مِن سُوٓءٍ تَوَدُّ لَوْ أَنَّ بَيْنَهَا وَبَيْنَهُۥٓ أَمَدًۢا بَعِيدًا ۗ وَيُحَذِّرُكُمُ ٱللَّهُ نَفْسَهُۥ ۗ وَٱللَّهُ رَءُوفٌۢ بِٱلْعِبَادِ ٣٠

**30. Къиямасеб къоялъ щибаб напсалда жинца дунялалда гьабураб лъик1аб г1амал х1адур гьабун батула** ва гьеб напс ц1акъ боххула жиндир г1амал хъвараб кагъат бихьидал. **Жинца квешаб г1амал гьабураб напсалъе гьеб квешаб г1амалги батула х1адур гьабун ва гьелъул хьул лъола гьеб г1амал хъвараб кагъат жиндаса ц1акъ рик1к1ад гьабулеб анищ абун** жиндие гьелда рекъон жазаъ гьабиялдаса х1инкъун. **Жегиги Аллагьас нужеда лъазабулеб буго жиндир ццин бахъунеб г1амал гьабуге абун. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъзадерида ц1акъ гурх1улев вуго** ва гьел бит1араб диналда рук1изе бокьулев вуго.

قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٣١

**31. Дуца муъминзабазда абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Нужее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьун ватани** ва нужер иманалъулъ рит1ухъалги ратани, **нуж дида нахърилълъа ва дир суннат ккве, цинги нуж Аллагьасеги рокьизе руго ва гьес нужер мунагьалги чуризе руго. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца мунагьал чурулев, муъминзабазда жиндир гурх1ел даимав вуго»**-абун.

Гьаб хирияб аяталъ нилъеда лъазабулеб буго: кинавго жинца иманги лъунин, жив Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьулевги вугин абурав чи, Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасул нухалда гьеч1они, гьев чи гьересияв вуго ва гьев чиясда т1адаб буго жиндир киналго раг1абазулъ ва пишабазулъ хирияв аварагасда нахъвилълъизе.

قُلْ أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلرَّسُولَ ۖ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْكَٰفِرِينَ ٣٢

**32. Жегиги дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласул амруялъе мут1иг1лъе. Нагагь нуж гьеб мут1иг1лъиялдаса мугъ бан руссани,- х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие капурзаби рокьуларев, гьезие г1азаб гьабулев вуго»-абун.**

Ахир къиямасеб къо Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир авараг, ва гьесда иман лъун нахърилъарал, ва гьесул нух ккурал муъминзаби т1адег1ан гьарулеб къо буго. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аяталда жаниб бицана авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вокьич1ев ва гьесул нух кквеч1ев чи

капурчи вук1ин. Гьев хирияв авараг ﷺ вуго кинабго халкъалда жив вит1арав ва гьесул заманаялъ цоги к1удиял аварагзаби рук1аралани, гьелги гьеседа нахърилълъизе т1ад гьабизе бук1арав. Гьав аварагасул нух тарав чияс Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьулин абураб раг1и гьересияб раг1и буго.

*إِنَّ ٱللَّهَ ٱصۡطَفَىٰٓ ءَادَمَ وَنُوحٗا وَءَالَ إِبۡرَٰهِيمَ وَءَالَ عِمۡرَٰنَ عَلَى ٱلۡعَٰلَمِينَ ٣٣

**33. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **Адам т1аса вищана ва Нух1 ва Ибрагьимил агьлу ва Г1имранил агьлу т1аса бищана цогидаб г1аламалдаса.**

Адам абул башар вуго (кинабго халкъалъул эмен), Бет1ергьан Ааллагьас жиндир квералъ х1арщалдаса вижарав, жиндие киналго малаикзаби сужда гьабизе т1амурав, киналго жалазул ц1аралги гьеседа лъазарурав. Нух1 авараг вуго ракьалда халкъалъ пасалъаби гьари г1емерлъидалго т1оцеве расуллъун жив вит1арав, азарго сон г1агарун заманалъ къавм диналда ах1арав, релъедал-къад бат1а гьеч1ого. Ахирги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул дуг1а къабул гьабун къосараб къавм гъанкъизабурав. Ибрагьимил Агьлу руго Аллагьасул свалат салам лъеял Исмаг1ил, Яг1къуб, Исх1акъ, ва бищунго хирияв Мух1аммад ﷺ авараг. Ал-г1имран вуго Марьямил эмен Г1имран, Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул к1удияв эмен.

ذُرِّيَّةَۢ بَعۡضُهَا مِنۢ بَعۡضٖۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٣٤

**34. Гьал хъизамал т1аса рищана гьел цоцазда релълъарал рук1иналъ** Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъиялъулъ, лъик1ал г1амалазулъ ва исламияб диналъулъ. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзадерил раг1аби раг1улев, гьезул киналго ах1валал жинда лъалев вуго.**

إِذۡ قَالَتِ ٱمۡرَأَتُ عِمۡرَٰنَ رَبِّ إِنِّي نَذَرۡتُ لَكَ مَا فِي بَطۡنِي مُحَرَّرٗا فَتَقَبَّلۡ مِنِّيٓۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ٣٥

35. Дуца умматалъе ваг1залъун бице Мух1аммад ﷺ, **Г1имранил ч1ужуялъ** (гьей йиго Х1анат Факъудил яс) **Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **абураб г1уж: «Я дир Бет1ергьан, дица дуе назро гьабуна дир чехьалда жаниб бугеб лъимер, т1убанго дуе г1ибадат гьабизе** ва Байтул-мукъадасалъул масжидалъе хъулухъ гьабизе. **Дуца дир назро къабул гьабе. Х1акълъунго мун дуг1а раг1улев вуго. Лагъзадерил рак1азда бугеб жо лъалев ва гьезул ниятал лъалев вуго»**- абун.

Г1имранил ч1ужу Х1анат лъимер гьабич1ей г1адан йик1ана. Цо къоялъ гьвет1алъул раг1дукь г1одой ч1ун йик1адго, гьелда бихьана цо х1инч1 т1анч1азе квен босун бач1ун гьезие гьеб кьолеб ва т1анч1аз

ч1ирч1идулаго гьелде данде к1алал регьулел.

Цинги Х1анатил ц1акъ г1ищкъу ккана жиндие лъимер бугеб анищ абун ва гьелъ Аллагьасда х1елун абуна: «Я дир Аллагь ﷻ. Дица дуе къот1и (назро) гьабулеб буго: Дуца дие лъимер кьуни, дица гьеб Байтул-мукъадасалъе хъулухъ гьабизе кьезе»–абун. Х1анат къинай лъугьун г1емер заман инч1ого Г1имранги хвана. Гьебги цо г1аламат бук1ана Аллагьас ﷻ назро къабул гьабиялъе.

فَلَمَّا وَضَعَتْهَا قَالَتْ رَبِّ إِنِّي وَضَعْتُهَآ أُنثَىٰ وَٱللَّهُ
أَعْلَمُ بِمَا وَضَعَتْ وَلَيْسَ ٱلذَّكَرُ كَٱلْأُنثَىٰ وَإِنِّي
سَمَّيْتُهَا مَرْيَمَ وَإِنِّيٓ أُعِيذُهَا بِكَ وَذُرِّيَّتَهَا
مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ ٱلرَّجِيمِ ٣٦

**36. Цинги Х1анатица лъимер гьабидал ва гьей яс ятидал гьелъ абуна: «Я дир Бет1ергьан, дица лъимер гьабуна ц1уяб, Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго щиб лъимер гьабураб Х1анатица, ва бихьинаб лъимерги ц1уяб лъимерги цох1ого даражаялда гьеч1о,** ай Байтул-мукъадасалъе хъулухъ гьабизе вас вук1ине ккола. **Дица гьей ясалда ц1ар лъолеб буго Марьям абун. Ва дица гьей Марьямги гьелъул зуриятги дуца рах1маталдаса рик1к1ад гьабураб щайт1аналъул зараладаса ц1униги гьарулеб буго»** – абун.

فَتَقَبَّلَهَا رَبُّهَا بِقَبُولٍ حَسَنٍ وَأَنۢبَتَهَا نَبَاتًا
حَسَنًا وَكَفَّلَهَا زَكَرِيَّا كُلَّمَا دَخَلَ عَلَيْهَا
زَكَرِيَّا ٱلْمِحْرَابَ وَجَدَ عِندَهَا رِزْقًا قَالَ
يَٰمَرْيَمُ أَنَّىٰ لَكِ هَٰذَا قَالَتْ هُوَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ
إِنَّ ٱللَّهَ يَرْزُقُ مَن يَشَآءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ٣٧

**37. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ Х1анатил назро Марьям къабул гьаюна берцинаб къабул гьабиялъ ва гьей к1удияйги г1езаюна берцинаб х1алалалъ.** Марьямил хъулухъ гьабулевлъун вук1ана гьелъул эбелалъул яцалъул рос Закария: г1елму- вараг1 бугев, Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабулев чи вук1ана Закария авараг ва гьесдаса ругьунлъана Марьям бац1ц1адаб г1ибадат гьабизе. **Марьям гьелъ г1ибадат гьабулеб рокъой йик1адго, гьелъухье Закария вач1анщинахъе, гьесда гьениб бат1и-бат1ияб ниг1мат батулаан:** хасало роол ниг1матал ратулаан, риидал хасалил ниг1матал ратулаан. **Закарияца Марьямида гьикъана: «Я Марьям, гьал ниг1матал кисан дуе ругел?» – абун. Марьямица абуна: «Гьел ниг1матал Аллагьас кьола дие. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь ﷻ жиндие вокьарав чиясе х1исаб-г1орхъи гьеч1ел ниг1матал кьолев вуго.** Гьаб буго Аллагьас ﷻ жиндир авлияазе кьолеб карамат.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабиридаса х1адис бицана: *«Аллагьасул*

*свалат салам лъеяв аварагчанго къоялъ квен кваначlого вукlун, вакъиялъул асар лъугьун жиндир киналго руччабазда аскlов ана ва цонигиялда аскlоб квен батичlо. Киналго ракъун ругеб, квен гьечlеб заман букlана гьеб. Цинги хирияв аварагПатlиматихъе ана ва гьелда абуна: «Я дир яс, дун вакъун вуго. Гьечlищ квен?» – абун. Патlиматица абуна Валлагьи гьечlоян абун.*

*Ававрагﷺ гьелда аскlоса индал, цо мадугьалалъ битlун гьитlинаб гъадаро (щурун) бачlана кlиго панкъги гьитlинаб гьанал кесекги жаниб бугеб. Патlиматица гъадаро бахчана ва аварагасдаﷺ хадув вас витlана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагтlад вуссун вачlиндал Патlиматица абуна: «Аллагьас нилъее тlагlам битlун бачlана ва дица гьеб дуе гlоло бахчана» – абун.*

*Цинги гъадаро цебе босидал, гьеб жаниб цlун батана панкъазул ва гьаналъул. Патlимат гьеб бихьидало хlинкъун хутlана ва гьелда бичlчlана гьаб жо Аллагьасул ﷻ баракат букlин. Цинги Аллагьасе реццги гьабун, аварагасда свалатги битlун гьеб гъадаро аварагасда цебе лъуна. Аварагасгиﷺ Аллагьасе рецц гьабуна ва абуна: «кисан дуе гьаб щвараб, я дир яс?» - абун. Патlиматица абуна: «Гьеб Аллагьас кьураб буго, Аллагьас ﷻ жиндие бокьарав чиясе хlисаб гьечlого рикъзи кьола» – абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Рецц Аллагьасе буго, мун бануисраилазул сайидат Марьямида релълъарай гьайурав» – абун. Цинги гьеб тlагlам кинабго хъизаналъги аварагасул киналго руччабазги кванана, мадугьаллъиялъеги кьуна ва Аллагьас ﷻ цlакъ баракат ва лъиклlлъи гьабуна гьеб тlагlамалъулъ.* Хlадис абу Ягlлаца бицана.

هُنَالِكَ دَعَا زَكَرِيَّا رَبَّهُۥ قَالَ رَبِّ هَبْ لِى مِن لَّدُنكَ ذُرِّيَّةً طَيِّبَةً إِنَّكَ سَمِيعُ ٱلدُّعَآءِ ﴿٣٨﴾

**38. Марьямида аскlор нигlматал ратидал Закариял хьуллъуна Аллагьасул рахlматалда ва гьес хlелун Аллагьасда ﷻ гьарана ва жинца абуна: «Я дир бетlергьан, дуца дие дур рахъалъан сайгъатлъун бацlцlадаб зурият кье, хlакълъунго мун дугlа рагlулев вуго ва дугlаялъе жаваб кьолевги вуго» – абун.**

فَنَادَتْهُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَهُوَ قَآئِمٌ يُصَلِّى فِى ٱلْمِحْرَابِ أَنَّ ٱللَّهَ يُبَشِّرُكَ بِيَحْيَىٰ مُصَدِّقًۢا بِكَلِمَةٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَسَيِّدًا وَحَصُورًا وَنَبِيًّا مِّنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٣٩﴾

**39. Цинги Закарияда малаикзабаз ахlана, жив гьеб Марьям йигеб михlрабалъув вахьун чlун как балев вукlаго** (ай гьеб лахlзаталъ)**: «Хlакълъунго тlадегlанав Аллагьас ﷻ дуда рохел бицунеб буго дуе Яхlя**

**абулев вас гьавилин абун. Жинца Аллагьасул калима рит1ухъ гьабулев** (ай Г1иса авараг рит1ухъ гьавулев) **ва жив къавмалъул к1удияв, хирияблъун вук1унев. Мунагь-хат1аалда кколарев, шагьваталда нахъвилълъунарев ва руччабазда аск1ов къаларев. Гьава-напс ц1унун Аллагьасе г1оло черхалда гудур барав, жив лъик1ал аварагзабазул мухъилъан авараглъунги вук1унев»** – абун.

قَالَ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي غُلَٰمٌ وَقَدْ بَلَغَنِيَ ٱلْكِبَرُ وَٱمْرَأَتِي عَاقِرٌ ۖ قَالَ كَذَٰلِكَ ٱللَّهُ يَفْعَلُ مَا يَشَآءُ ﴿٤٠﴾

**40. Закарияца абуна: «Я дир бет1ергьан Аллагь ﷻ, кин дие лъимер бук1инеб, дунги херлъун вуго** (нусиялда къого сон бук1ана Закариял) **ва дир ч1ужуги лъимер лъугьунарей йиго»-абун**.

Гьелъулги нусго сон бук1ана ва жиндие лъимер лъугьунарей йик1ана. **Аллагьас ﷻ абуна: «Дур бет1ергьанас жиндие бокьараб жо гьабула, гьедин бугелъул нужее лъимер бук1ина»** - абун.

قَالَ رَبِّ ٱجْعَل لِّيٓ ءَايَةً ۖ قَالَ ءَايَتُكَ أَلَّا تُكَلِّمَ ٱلنَّاسَ ثَلَٰثَةَ أَيَّامٍ إِلَّا رَمْزًا ۗ وَٱذْكُر رَّبَّكَ كَثِيرًا وَسَبِّحْ بِٱلْعَشِيِّ وَٱلْإِبْكَٰرِ ﴿٤١﴾

**41. Закарияца абуна: «Я дир Бет1ергьан, дие цо г1аламат гьабе дир ч1ужу къинай лъугьараблъи лъалеб»-абун. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Дуе г1аламат бук1ине буго. Щибго унти-къварилъиги гьеч1еб х1алалъ дуда г1адамазда к1алъазе к1везе гьеч1о лъабго къоялъ, квералъ ишараби гьарун гурони. Ва дуца дур бет1ергьан Аллагь ﷻ г1емер рехсе ва дуца гьесие тасбих1ги гьабе** (субх1аналлагьи ва бих1амдигьи абе) **радалги къасиги.**

Дуца Аллагь к1одо гьаве гьесие г1ибадат г1емер гьабун, ва бац1ц1ад гьабун ва гьесда х1елун дуг1а гьабун»-абун.

Цо г1алимас абуна: «г1емер заманго инч1ого Закария г1адамазда к1алъазе к1оларого лъугьана ва гьесда бич1ч1ана жиндие лъимер гьабизе бук1ин» - абун.

وَإِذْ قَالَتِ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ يَٰمَرْيَمُ إِنَّ ٱللَّهَ ٱصْطَفَىٰكِ وَطَهَّرَكِ وَٱصْطَفَىٰكِ عَلَىٰ نِسَآءِ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٤٢﴾

**42. Дуца умматалда бице Мух1аммад ﷺ, малаикзабаз абураб г1ужги: «Я Марьям! Х1акълъунго Аллагьас ﷻ мун т1аса йищана руччабазда гьоркьосан** ва дуе караматалги кьуна.

**Ва мун Аллагьас яц1ц1адги гьаюна** чорокал г1амалаздаса ва ягьудияз дуда лъолел бугьтаназдаса. **Ва мун гьаб г1аламалъул**

**киналго руччабаздаса т1аса йищана** дудаса Аллагьасул къудрат загьирлъизе – эменги гьеч1ого лъимер гьабизе.

يَٰمَرۡيَمُ ٱقۡنُتِي لِرَبِّكِ وَٱسۡجُدِي وَٱرۡكَعِي مَعَ ٱلرَّٰكِعِينَ ٤٣

**43. Гьаб амру гьедин бугелъул, Я Марьям, дуца Аллагьасе г1ибадат гьабиялда т1адч1ей гьабе, гьес дуе кьурал к1удиял ниг1матазда щукру гьабун. Ва дуца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **рукуг1-суждаги гьабе ва мун г1емер как балездасаги йик1а»** – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асх1абасдаса бицараб сах1их1аб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дунялалъул руччабазул бищунго лъик1айункъго ч1ужуг1адан йиго: Г1имранил яс Марьям, пирг1авнил ч1ужу Асият, Хувайлидил яс Хадижат, Аллагьасул расуласул яс Пат1имат» – абун.* Х1адис ибну Мардавейгьица бицана.

Бухариясул сах1их1алда х1адис буго: *«Бихьиназда гьоркьор камилал г1адамал г1емер рук1ана. Руччабаздасан камилал гьеч1о пирг1авнил ч1ужу Асиятги Г1имранил яс Марьямги гурони. Амма Г1айшат т1ок1ай йиго цогидал руччабаздаса гьанал каш (гьан жаниб белъине гьабураб гьаг1о, шурпа) т1ок1аб бугеб г1адин цогидал т1аг1амаздаса»* – абун.

ذَٰلِكَ مِنۡ أَنۢبَآءِ ٱلۡغَيۡبِ نُوحِيهِ إِلَيۡكَۚ وَمَا كُنتَ لَدَيۡهِمۡ إِذۡ يُلۡقُونَ أَقۡلَٰمَهُمۡ أَيُّهُمۡ يَكۡفُلُ مَرۡيَمَ وَمَا كُنتَ لَدَيۡهِمۡ إِذۡ يَخۡتَصِمُونَ ٤٤

**44. Гьал Г1имранил ва Закариял къисаби руго, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, **дица дуда рицунел, г1адамазда лъаларел,** гьездасан г1емерго церехун рук1арал умматазул къисаби, **дуда вах1ю гьабулел** дур умматалъе ваг1залъун, дуе муг1жизатлъунги. **Мун Байтул-мукъадасалъул ах1баразда (г1алимзабазда) аск1овги вук1инч1о, гьез Марьям хьихьизе бокьун г1орулъе къалмал рехулеб мехалъ, ва цоцаде къец гьабулеб мехалъ.**

Ибнужарир абулев г1алимас Г1икримат رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ асх1абасдаса бицана: «Лъимер гьабун хадуй Х1анат ана Байтул-мукъадасалъул хъулухъ гьабун рук1арал ах1баразухъе ва гьезда щцебе лъимерги лъун гьелъ абуна: «гьаб буго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб назро. Дица назро гьабун бук1ана т1убанго Аллагьасе хъулухъ гьабулеблъун бук1ине гьаб лъимер, амма гьаб лъимер яс йиго, масжидалда жаний ч1езе бегьуларей х1айиз бач1араб мехалъ. Дица гьай рукъойги ячинаро» – абун.

Цинги гьел ах1баразул щивасе бокьана гьей яс хьихьун жидее ажро-

кири бук1ине, гьей яс гьезул имамлъун вук1арав Г1имранил яс йик1индал. Ахирги гьез х1укму гьабуна можоро т1амун бергьарас хьихьизе йиго Марьям абун. Гьеб можоро бук1ана Ордон г1урул раг1алде ун жидеца таврат хъвалел рук1арал къаламал г1орулъе рехи ва лъиналда т1ад къалам ч1арав бергьаравлъун вук1ине. Гьедин къалмал рехидалго киназулго къалмал лъеца росун ана ва цо Закарял къалам хут1ана лъеда т1ад бахъун ч1ун.
Гьев Закарияги Г1имран хун хадув Байтул-мукъадасалъул имам вук1ана ва аварагги вук1ана. Гьезул сайид вук1ана, г1алимги вук1ана, бищун к1удиявги вук1ана. Аллагьасул ﷻ свалат салам лъеги гьев Закарияда ва киналго аварагзабаздаги.

إِذۡ قَالَتِ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ يَٰمَرۡيَمُ إِنَّ ٱللَّهَ
يُبَشِّرُكِ بِكَلِمَةٖ مِّنۡهُ ٱسۡمُهُ ٱلۡمَسِيحُ
عِيسَى ٱبۡنُ مَرۡيَمَ وَجِيهٗا فِي ٱلدُّنۡيَا
وَٱلۡأٓخِرَةِ وَمِنَ ٱلۡمُقَرَّبِينَ ٤٥

**45. Дуца умматалда бице, Мух1аммад ﷺ, Аллагьасул салам лъеял малаикзабаз абураб г1уж: «Я Марьям, Аллагьас ﷻ дуда рохел бицунеб буго дуе лъимер гьабизе бугин абун эмен гьеч1ого, цох1о Аллагьасул «Кун, ай бук1а» абураб калимаялдалъун** (раг1иялдалъун).
**Гьеб лъимералда ц1арги «Алмасих1 Г1иса Марьямил вас» - абун бук1ине буго. Дунял ахиратáлда жив к1одо гьавурав, къадро бугевги вук1ине вуго ва Аллагьас ﷻ жинда г1агар гьаруураздасаги вук1ине вуго.**

وَيُكَلِّمُ ٱلنَّاسَ فِي ٱلۡمَهۡدِ وَكَهۡلٗا
وَمِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ٤٦

**46. Гьев васас г1адамаздехун хит1абги гьабизе буго жив кинниялда жанив вук1адго ва жив к1удияв г1ун хадубги.**
Аварагзабазул калам гьит1инго вук1аниги бит1араб бицунеб бук1уна. Г1иса عليه السلام аварагасул муг1жизатлъун бук1ана кинниялда жанивго вук1ун жинца калам гьаби. **Ва гьеб лъимер Аллагьасе ﷻ г1емер г1ибадат гьабулел, гьесдаса х1нкъи г1емерал, ва камиллъи т1обарал г1адамаздаса вук1ине вуго»- абун.**

قَالَتۡ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي وَلَدٞ وَلَمۡ يَمۡسَسۡنِي
بَشَرٞۖ قَالَ كَذَٰلِكِ ٱللَّهُ يَخۡلُقُ مَا يَشَآءُۚ إِذَا قَضَىٰٓ
أَمۡرٗا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ٤٧

**47. Марьямица абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь ﷻ! Дие лъимер кин бук1унеб дида щивго инсанги аск1ов къач1еб х1алалъ?»-абун.**
**Алагьас абуна: Гьедин буго Аллагьасул х1укму: Жиндие бокьараб мехалъ бокьараб жо бижула Аллагьас. Гьесие цо иш т1убазе бокьараб мехалъ гьесул «Кун» абураб раг1и**

**бук1уна ва гьеб иш т1убала.**

Гьеб т1убаялъе щибго нахъ бахъин бук1уларо ва гьелъие квалквал гьабулеб щибго г1илла-сабабги бук1уларо.

**48. Т1адег1анав Аллагьас** ﷻ **Г1исада** ﷺ **хъвай-ц1алиги лъазабизе буго, г1елму–г1акълуги кьезе буго, бит1араб раг1иялда, бит1араб г1амалалда, аварагзабазул нухалда хьвадиги кьезе буго. Ва Тавратги Инжилги лъалев гьавизе вуго.**

وَيُعَلِّمُهُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ وَٱلتَّوْرَىٰةَ وَٱلْإِنجِيلَ ﴿٤٨﴾

Ибнукасирица абуна Г1иса аврагасда Инжил ва Таврат рек1ехъе лъалеб бук1анаян абун.

**49. Гьединго Г1иса** ﷺ **авараг гьавизе вуго бануисраилазда вит1арав расуллъун,** гьезда Аллагьасул шариг1ат бицунев ва гьел бит1араб диналде ах1улев. **Жинца гьезда абулев: «Х1акълъунго дун нужехъе вач1ун вуго нужер бет1ергьан Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан аятал ва г1 tаламаталгун цадахъ. Гьел г1аламатаздаса буго дица нужее цо боржанжоялда релълъараб жо гьабизе буго, цинги гьелда жаниб дица х1охьел пураб мехалъ Аллагьасул изнуялдалъун гьеб боржунеблъун бук1изе буго.**

وَرَسُولًا إِلَىٰ بَنِيٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَنِّي قَدْ جِئْتُكُم بِـَٔايَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ أَنِّيٓ أَخْلُقُ لَكُم مِّنَ ٱلطِّينِ كَهَيْـَٔةِ ٱلطَّيْرِ فَأَنفُخُ فِيهِ فَيَكُونُ طَيْرًۢا بِإِذْنِ ٱللَّهِ وَأُبْرِئُ ٱلْأَكْمَهَ وَٱلْأَبْرَصَ وَأُحْيِ ٱلْمَوْتَىٰ بِإِذْنِ ٱللَّهِ وَأُنَبِّئُكُم بِمَا تَأْكُلُونَ وَمَا تَدَّخِرُونَ فِي بُيُوتِكُمْ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةً لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٤٩﴾

Гьаб бук1ана Г1иса ﷺ аврагасе бугеб цо муг1жизат: х1арщул х1инч1алда релъараб сурат гьабун, гьелда х1охьел пураб мехалъ гьеб боржун унаан гьеб бак1алда ругел киналго г1адамаздаги бихьун.

**Ва дица бецавлъун эбелалъ гьавурав чи жо бихьулевлъун гьавула, барас унтиги сах гьабула** (т1омалда ругьнал лъугьунеб унти). **Ва дица хварал чаг1иги ч1аго гьарула Аллагьасул** ﷻ **изнуялдалъун.**

Къурт1убияс абуна: Аллагьасул изнуялдалъун Г1иса ﷺ аврагас ункъго чи ч1аго гьавуна ва гьезда гьоркьов Нух1ил вас Самги вук1анаян абун. Гьадин муг1жизаталъе ч1аго гьарурал г1адамал ч1аго хут1уларо ва гьел ц1идасан жал рук1араб х1алалде руссуна.

**Ва дица нужеда бицина щиб жо нужеца нужерго рукъзабахъ рук1ун кванарабали, ва щиб жо кванaзе абун х1адурун бугебги. Х1акълъунго гьаб кинабго жо буго нужее дун авараглъун вук1ин бицунел г1аламатал, нуж Аллагьасда** ﷻ **иман лъурал ва гьесул**

**авараг рит1ухъ гьавулеллъун ратани.**

**50. Ва дун нужеда вит1арав расул вуго, дида цевехун вук1арав Муса авараг ва гьесда рещт1изабураб тавратги рит1ухъ гьабулев. Дица нужее цо-цо жо х1алал гьабизе буго, цебеккун нужее х1арам гьабун бук1араб жоялдаса. Ва дун нужехъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан баянал муг1жизаталгун вач1ун вуго. Нуж Аллагьасда г1асилъизе х1инкъа ва дие мут1иг1лъун, дица малъараб диналда нахърилълъа.**

وَمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيَّ مِنَ ٱلتَّوْرَىٰةِ وَلِأُحِلَّ لَكُم بَعْضَ ٱلَّذِى حُرِّمَ عَلَيْكُمْ ۚ وَجِئْتُكُم بِـَٔايَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿٥٠﴾

**51. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ дирги нужерги бет1ергьан вуго. Нилъ киналго рижарав, хьихьулев, хвезарулев. Нужеца лагълъи цох1о гьев Аллагьасе гьабе, ва гьаб буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда разилъулеб бит1араб нух.**

إِنَّ ٱللَّهَ رَبِّى وَرَبُّكُمْ فَٱعْبُدُوهُ ۗ هَـٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ﴿٥١﴾

**52. Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аврагас жиндир къавм Аллагьасул диналда ах1идал ва гьезул г1емерисел купру-ширкалда ч1едал, абуна: «щив вугев нужедаса дие квер бакъулев чи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде халкъ ах1изе» – абун. Иман камилал муъминзабаз (х1авариюназ) абуна: «ниж руго дуе квербакъи гьабулел Аллагьасул диналда халкъ ах1изе. Нижеца гьесда иман лъуна ва дуцаги нижее нуг1лъи гьабе ниж Аллагьасда ва аварагасда ийман лъурал ва гьезие мут1иг1лъарал, гьезда нахърилълъарал рук1иналъе» – абун.**

۞ فَلَمَّآ أَحَسَّ عِيسَىٰ مِنْهُمُ ٱلْكُفْرَ قَالَ مَنْ أَنصَارِىٓ إِلَى ٱللَّهِ ۖ قَالَ ٱلْحَوَارِيُّونَ نَحْنُ أَنصَارُ ٱللَّهِ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَٱشْهَدْ بِأَنَّا مُسْلِمُونَ ﴿٥٢﴾

53. Хадубги х1авариюназ абуна: **«Я нижер бет1ергьан Аллагь, нижеца иман лъуна дуца рещт1изабураб Инжилалда ва ниж дур расул Г1исада عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ нахърилълъана. Дуца ниж хъвай Аллагь جَلَّجَلَالُهُ мун цо вук1иналда ва дур авараг рит1ухъав вук1иналда нуг1лъи гьабурал, мун жидеда разиял муъминзабигун цадахъ» – абун.**

رَبَّنَآ ءَامَنَّا بِمَآ أَنزَلْتَ وَٱتَّبَعْنَا ٱلرَّسُولَ فَٱكْتُبْنَا مَعَ ٱلشَّـٰهِدِينَ ﴿٥٣﴾

**54. Цинги ягьудияз х1илла-макро ургъана Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг ч1вазе абун, гьезул макро Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хвезабуна.**

وَمَكَرُوا۟ وَمَكَرَ ٱللَّهُ ۖ وَٱللَّهُ خَيْرُ ٱلْمَـٰكِرِينَ ﴿٥٤﴾

Щибго зарал ккеч1ого Г1иса авараг Аллагьас зодове вачун ана ва ягьудияз жидерго «ягьуза» абулев чи ч1вана, гьев Г1иса авараг

вугин ккун. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидеца макро гьабулезул бищунго лъик1ав вуго.** Жинца зулмучаг1азул зулму жидедаго буссизабулев вуго ва жиндие рокьарал г1адамал гьезул макроялдаса ц1унулев вуго.

Хирияв аварагасул х1адисалдаги буго:*«Я дир Аллагь, дуца дие хайиралъе макро гьабе, дие зараналъе макро гьабуге»*-абун. Макро, х1илла, абураб раг1и Аллагьасул х1акъалъулъ абураб мехалъ, гьелъул маг1на бук1уна жазаъ гьаби абураб. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

إِذْ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَىٰٓ إِنِّى مُتَوَفِّيكَ وَرَافِعُكَ إِلَىَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَجَاعِلُ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوكَ فَوْقَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ ۖ ثُمَّ إِلَىَّ مَرْجِعُكُمْ فَأَحْكُمُ بَيْنَكُمْ فِيمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Г1иса аврагасда Аллагьас абураб г1ужги бице, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, умматалъе ваг1залъун: «Я Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ! Дица мун гьал ягьудиязда хваравлъун вихьизавизе вуго.**

Дица мун гьезда гьоркьосан нахъе вачине вуго, щибго дуе зарал гьеч1ого ва мун вац1ц1ад гьавизе вуго капураб къавмалъул мун ч1вазе бугеб къасдалдаса. Цоги маг1на гьабуна г1алимзабаз: «Дица мун зодове вачине вуго ва къиямасеб къо г1агарлъидал ракьалде рещт1изавун, дур г1умру лъугьараб мехалъ хвезавизе вуго» – абун.

**Гьединго мун вац1ц1ад гьавизе вуго ягьудиязул, насраниязул ва мажусазул капураб къавмалдаса. Ва мун рит1ухъ гьавун дуда нахъбилълъараб къавм дица цогидал къавмаздаса т1адег1ан гьабизе буго къиямасеб къо бач1инег1ан.** Ай дуда иман лъурал хадуб Мух1аммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъурал ягьудиял, насраниял ва цогидал халкъазул бусурбаби капураб, мушрикаб къавмалда т1аде бук1ине буго, гьел исламияб диналда ах1улеллъун, гьезул раг1иялдалъун ва хвалченалдалъун. **Цинги нуж киналго ахираталда дида цере рач1унел руго х1исаб мизан гьабизе ва дица нужеда гьоркьоб х1укму гьабизе буго нуж жиндилъ хилиплъун бук1араб диналъул амруялъулъ.**

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَأُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ وَمَا لَهُم مِّن نَّٰصِرِينَ ﴿٥٦﴾

**56. Ва амма Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул аварагасдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ инкар ккурал г1адамазе дица ц1акъ гучаб г1азаб гьабизе буго дунялалда ва ахираталда. Ва гьезие щивго чи вук1ине гьеч1о дир г1азабалдаса гьел хвасарлъиялъе квербакъи гьабизе к1олев.**

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَيُوَفِّيهِمْ أُجُورَهُمْ ۗ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٥٧﴾

**57. Ва амма жидеца иманги лъун лъик1аб г1амалги гьабурал муъминзабазе дица гьезул ажро-кири**

**т1убазабизе буго ва жеги ц1ик1к1инабизе буго. х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндие зулмучаг1и рокьуларев, гьезие г1азаб гьабулев вуго.**

Гьадинав Аллагьас муъминзабазе зулму гьабуларо.

ذَٰلِكَ نَتْلُوهُ عَلَيْكَ مِنَ ٱلْـَٔايَٰتِ وَٱلذِّكْرِ ٱلْحَكِيمِ ﴿٥٨﴾

**58. Гьал аварагзабазул къисаби я Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, дуе гьел рицунел руго хирияб Къуръаналъул аяталлъун, жиндилъ щибго бат1улаб жо гьеч1еб ва кинабго халкъалье абадиялъго нахъе хут1улеб т1орит1еллъун бугеб.**

إِنَّ مَثَلَ عِيسَىٰ عِندَ ٱللَّهِ كَمَثَلِ ءَادَمَ خَلَقَهُۥ مِن تُرَابٍ ثُمَّ قَالَ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٥٩﴾

**59. Т1адег1анав Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аск1об Г1иса عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварагасул мисал Адам аварагасул мисалалда релъун буго: жинца гьев Адам عَلَيْهِٱلسَّلَامُ х1арщалдаса гьавурав ва «Кун» абураб раг1и абун ч1агояв инсанлъун жив лъугьарав.**

ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَلَا تَكُن مِّنَ ٱلْمُمْتَرِينَ ﴿٦٠﴾

**60. Гьаб х1акъаб раг1и буго Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, дур Бет1ергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Г1исал х1акъалъулъ дуда бицунеб. Мун щакдарулел г1адамаздаса вук1унге.**

Ягьудияз Г1иса عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварагасда ва гьесул эбел Марьямида г1унти1изарун рицунел гьересиял, бугьтан лъолел харбаздаги божуге.

فَمَنْ حَآجَّكَ فِيهِ مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَكَ مِنَ ٱلْعِلْمِ فَقُلْ تَعَالَوْا۟ نَدْعُ أَبْنَآءَنَا وَأَبْنَآءَكُمْ وَنِسَآءَنَا وَنِسَآءَكُمْ وَأَنفُسَنَا وَأَنفُسَكُمْ ثُمَّ نَبْتَهِلْ فَنَجْعَل لَّعْنَتَ ٱللَّهِ عَلَى ٱلْكَٰذِبِينَ ﴿٦١﴾

**61. Духье Къуръаналда жаниб х1акъаб х1ужа бач1ун хадубги Г1исал х1акъалъулъ дудехун къацандулел г1адамал ругони, дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ: Нуж рач1а нижгун данделъизе: нилъеца ах1изе руго нижер васал ва нужер васал, нижер руччаби ва нужер руччаби ва нужерги нижерги бихьиналги данделъизе руго. Цинги нилъеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ дуг1а гьабизе буго ва гьаризе буго гьереси бицунелазда Аллагьасул ццим бахъаги ва лаг1натги решт1аги абун.**

Гьаб аят решт1иналъе г1илла (сабаб) бицана: Нажраналъул насраниял Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммадихъе рач1ун Г1иса عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварагасул х1акъалъулъ къацандараб мехалъ гьез абуна: «Дуца щай нижер Г1исада рогьоб балеб?»-абун. Аварагас абуна: «щиб жо дица гьесда абураб?»-абун. Насранияз абуна дуца гьесда лагъ вугин

абулеб бугоян абун. Цинги аварагас ﷺ абуна: «бит1араб буго. Дица гьесул х1акъалъулъ абула. Аллагьасул лагъ вугин ва расулги вугин абун. Насраниязул ццим бахъана ва дуца нижеда вихьизаве эмен гьеч1ого гьавурав чи абуна. Цинги Аллагьас аят решт1изабуна: «Х1акълъунго Г1исал мисал Адам аварагасул мисал буго» - абун. (59-60 аятал).

Аварагас ﷺ насраниял лаг1нат гьабун дуг1а гьабизе рач1аян ах1идал гьел ц1акъ х1инкъана ва гьез цоцазде абуна: «гьев аварагасулгун лаг1нат гьабуни нилъер гьаб к1к1ал ц1а рек1ун бух1ила, ва нилъер нахъе щивго чи хут1иларо. Цоги щибго жо гьеч1одай гьесул нилъеда абизе?»-абун. Ай лаг1нат гьабич1ого цоги гьес абураб жо гьабила нилъеца абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул. Аллагьассул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я нужеца исламияб дин босе, яги магъало (жизъят) кьун нижгун ракълида ч1а, яги нужергун нижеца рагъ гьабила»- абун. Цинги гьел насраниял жизъят кьезе мук1урлъана.

إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلۡقَصَصُ ٱلۡحَقُّۚ وَمَا مِنۡ إِلَٰهٍ إِلَّا ٱللَّهُۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ٦٢

**62. Х1акълъунго гьаб дуда бицараб хабар х1акъаб, гьереси гьеч1еб къиса буго цересел аваргзабазул ва гьезул умматазул. Цоги щибго жиндие лагълъи гьабулеб жоги гьеч1о цох1о Аллагь ﷻ гурев. Х1акълъунго гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав хан вуго ва жиндир мулкалъул тадбир гьабиялъулъ х1акимияв вуго.**

فَإِن تَوَلَّوۡاْ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمُۢ بِٱلۡمُفۡسِدِينَ ٦٣

**63. Цингиги гьел капураца иман лъолеб гьеч1они ва жал х1акъаб диналдаса руссани, х1акълъунго Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго гьел пасалъаби гьарулел къавмал** ва жинца гьезие гучаб г1азаб гьабизе бугевги вуго.

قُلۡ يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ تَعَالَوۡاْ إِلَىٰ كَلِمَةٖ سَوَآءِۭ بَيۡنَنَا وَبَيۡنَكُمۡ أَلَّا نَعۡبُدَ إِلَّا ٱللَّهَ وَلَا نُشۡرِكَ بِهِۦ شَيۡـٔٗا وَلَا يَتَّخِذَ بَعۡضُنَا بَعۡضًا أَرۡبَابٗا مِّن دُونِ ٱللَّهِۚ فَإِن تَوَلَّوۡاْ فَقُولُواْ ٱشۡهَدُواْ بِأَنَّا مُسۡلِمُونَ ٦٤

**64. Дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Я гьал китабиял!** (ягьудиял ва насраниял) **Нуж рач1а нижееги нужееги бащадаб, х1акъаб калимаялда. Гьеб калимаги: Нилъеца лагълъи гьабунгут1и буго цох1о Аллагьасе ﷻ гурони ва Аллагьасе гьабулеб г1ибадаталъулъ щибго жо г1ахьал гьабун гут1иги буго. Ва Аллагьги живго тун нилъеда гьоркьоса цо г1адамал гьезие хъулухъ гьабулеллъун ва лагълъи**

**гьабулеллъун ккунгут1иги буго.**

**Гьаб х1акъаб раг1иялда рач1инч1ого гьел китабиял дорехун руссун ч1ани, дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Я китабияб агьло! Нужеца нижее нуг1лъи гьабе Аллагьасда аск1об ниж Аллагь цо гьавурал ва гьесул расулги рит1ухъ гьавурал, гьев Аллагьасе г1ибадатги гьабулел рук1иналдалъун»-** абун.

Ягьудиял ва насраниял жидер ах1баразе ва рагьибазе (диниял церехъаби) мут1иг1лъулел рук1ана гьез х1алал гьабураб яги х1арам гьабураб жоялъулъ. Ай Аллагьас х1алал гьабураб х1арам гьабун, х1арам гьабураб х1алал гьабун. Гьаб мут1иг1лъи гьабуге абулеб буго хирияв аварагас ﷺ ва гьеб мут1иг1лъи ширк бугинги абулеб буго.

**65. Я китабияб агьло! Нуж щай къацандулел Ибрагьим عليه السلام аварагасул х1акъалъулъ, гьев хун хадуб гурони Тавратги Инжилги рещт1изабун гьеч1еб мехалъ. Нужеца бицунеб жоялъул пикруго гьабуларищ ва нужеда гьеб бич1ч1уларищ?**

يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لِمَ تُحَآجُّونَ فِيٓ إِبۡرَٰهِيمَ وَمَآ أُنزِلَتِ ٱلتَّوۡرَىٰةُ وَٱلۡإِنجِيلُ إِلَّا مِنۢ بَعۡدِهِۦٓۚ أَفَلَا تَعۡقِلُونَ ٦٥

Ягьудияз абулеб бук1ана Ибрагьим авараг жидер диналда вугин абун. Насраниязги абулеб бук1ана Ибрагьим жидер диналда вугин абун. Ибрагьим аварагасда ва Мусада гьоркьоб азарго г1анаб сон буго. Гьединго Мусадаги Г1исадаги гьоркьоб к1иазарго г1анаб сон буго.

**66. Нуж къацандулел рук1аралани нужеда жиб лъалеб жоялъул бицун;** Масала Г1иса аврагасул заманалъ гьесул диналъул бицун къацандизе бегьилаан. **Нуж щайха къацандулел нужеда лъалареб жоги бицун?** Гьеб иш ах1макълъи гьеч1ищ? **Х1акълъунго Аллагь جل جلاله вуго жинда кинабго жоялъул х1акъикъат лъалев ва нуж руго** Аллагьас лъазабураб жо гурони **нужеда лъаларел.**

هَٰٓأَنتُمۡ هَٰٓؤُلَآءِ حَٰجَجۡتُمۡ فِيمَا لَكُم بِهِۦ عِلۡمٞ فَلِمَ تُحَآجُّونَ فِيمَا لَيۡسَ لَكُم بِهِۦ عِلۡمٞۚ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ وَأَنتُمۡ لَا تَعۡلَمُونَ ٦٦

Жинда салам лъеяв Ибрагьимил х1акъикъатги Аллагьасда лъала. Гьеб х1акъикъат бицун т1адег1анав Аллагьас جل جلاله абулеб буго:

**67. Ибрагьим авараг вук1инч1о ягьудияв, яги насранияв. Х1акълъунго Ибрагьим عليه السلام вук1ана киналго бат1улал даниздасан вуссун цох1о Аллагьасе мут1иг1лъун, гьесие г1ибадат**

مَا كَانَ إِبۡرَٰهِيمُ يَهُودِيّٗا وَلَا نَصۡرَانِيّٗا وَلَٰكِن كَانَ حَنِيفٗا مُّسۡلِمٗا وَمَا كَانَ مِنَ ٱلۡمُشۡرِكِينَ ٦٧

**гьабулевлъун. Ва Гьев Ибрагьим авараг жидеца ширк гьабулел г1адамаздасаги вук1инч1о.**

إِنَّ أَوْلَى ٱلنَّاسِ بِإِبْرَٰهِيمَ لَلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُ وَهَٰذَا
ٱلنَّبِيُّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ وَلِيُّ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٦٨﴾

**68. Бищунго Ибрагьимил агьлуялъул рук1ине рекъарал руго жиндир заманаялъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун Ибрагьимида нахърилъарал г1адамал, гьав Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагги ва гьав аварагасда иман лъурал г1адамалги. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие муъминзаби рокьулев,** гьезие квер бакъулев, гьезул умурал бит1ун ккезарулев вуго.

وَدَّت طَّآئِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ لَوْ يُضِلُّونَكُمْ
وَمَا يُضِلُّونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿٦٩﴾

**69. Китабияб агьлуялъул цо къокъаялъе бокьун буго нуж х1акъаб нухдаса къосизаризе** ва нужеда абулеб буго ягьудиязул дин босе абун. **Ва амма гьез жидерго напсал руго къосизарулел:** гьадинаб бат1улаб жоялда хьул лъун. **Ва гьезда гьеб иш гьадин бук1инги лъалеб гьеч1о.**

يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لِمَ تَكْفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ
وَأَنتُمْ تَشْهَدُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Я китабияб агьлу! Нужеца щай инкар кколеб Аллагьасул аятазда, нужеца гьаб Къуръан х1акъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам бук1иналъе нуг1лъиги гьабулеб бук1адго?** Нужеда гьеб лъалеб бук1адго.

يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لِمَ تَلْبِسُونَ ٱلْحَقَّ بِٱلْبَٰطِلِ
وَتَكْتُمُونَ ٱلْحَقَّ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٧١﴾

**71. Я китабияб агьлу! Нужеца х1акъаб жо бат1улаб жогун щай жубазабулеб? Нужеца х1акъаб жоги щай бахчулеб, нужеда гьеб х1акъаб бук1инги лъалеб бук1адго?**

Нужеда рещт1изарурал т1ахьал щай хисизарулел: гьел т1ахьаздаса нужее бокьич1еб жо бахчун ва нужее бокьараб жо гьел т1ахьазде т1аде жубан. Нужеца Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасул сипатал щай рахчулел, нужеда гьев х1акъав авараг вук1инги лъалеб бук1аго?

وَقَالَت طَّآئِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ ءَامِنُوا۟
بِٱلَّذِىٓ أُنزِلَ عَلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَجْهَ ٱلنَّهَارِ
وَٱكْفُرُوٓا۟ ءَاخِرَهُۥ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٧٢﴾

**72. Китабиязул цо къокъаялъ жидер гьалмагъзабазде абуна: нужеца Мух1аммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъурал г1адамазда рещт1изабураб Къуръаналда иман лъе къоялъул авалалда** (радал г1ужалъ). **Цинги нужеца иманлъун бук1араб жоялда инкар кква къоялъул ахиралда. Цинги гьел муъминзаби жудер диналъулъ**

**щакдаризе ва гьелдаса руссизе абун.**

وَلَا تُؤْمِنُوٓا۟ إِلَّا لِمَن تَبِعَ دِينَكُمْ قُلْ إِنَّ
ٱلْهُدَىٰ هُدَى ٱللَّهِ أَن يُؤْتَىٰٓ أَحَدٌ مِّثْلَ مَآ أُوتِيتُمْ
أَوْ يُحَآجُّوكُمْ عِندَ رَبِّكُمْ ۗ قُلْ إِنَّ ٱلْفَضْلَ بِيَدِ ٱللَّهِ
يُؤْتِيهِ مَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٧٣﴾

**73.** Ягьудияз цоцаздехун абулеб буго: **«Нуж божуге нужер диналда ругезда гурони;** балъголъиги бицунге, нуж х1алхьон, рекъонги рук1унге, ягьудиял гурел цогидал г1адамаздехун»**-абун. Дуца абе Мух1аммад ﷺ: х1акъаб т1орит1ел ва бит1араб нух Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ т1орит1ел буго.** Ягьудиязе бокьухъен гьеч1о иш. Муъминзаби х1акъаб нухда т1орит1иги Аллагьасул иш буго, киг1анго ягьудиязе риханиги. **Цогиги ягьудияз цоцазде абулеб буго: «Нуж божуге цоги чиясе авраглъи кьуна абун ва Бет1ергьанасда цере щведал нужеда къацандулев чи вук1инин абун».** Ай нужер дин бищун бит1араб ва лъик1аб буго, нужер диналда нахъвилълъарав чи гурони авараглъун къабул гьавуге, гьев рит1ухъги гьавуге ва гьесда нахъги рилълъунге. **Дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Кинабго хиралъи ва т1ок1лъи Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кодоб буго ва гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир рах1матал г1ат1идав, жинда кинабго жо лъалев вуго,** хиралъи-т1ок1лъи лъие кьелебги лъалев вуго»**-абун.**

يَخْتَصُّ بِرَحْمَتِهِۦ مَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ ذُو ٱلْفَضْلِ
ٱلْعَظِيمِ ﴿٧٤﴾

**74. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарав чи хас гьавула жиндир рах1маталда, ва авараглъиялда. Т1адег1анав Аллагь жиндир хиралъи, т1ок1лъи ц1акъ к1удияв вуго**: жиндие г1орхъи гьеч1еб ва жиб нахъч1валареб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1об- рах1мат.

۞ وَمِنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ مَنْ إِن تَأْمَنْهُ بِقِنطَارٍ
يُؤَدِّهِۦٓ إِلَيْكَ وَمِنْهُم مَّنْ إِن تَأْمَنْهُ بِدِينَارٍ لَّا
يُؤَدِّهِۦٓ إِلَيْكَ إِلَّا مَا دُمْتَ عَلَيْهِ قَآئِمًا ۗ ذَٰلِكَ
بِأَنَّهُمْ قَالُوا۟ لَيْسَ عَلَيْنَا فِى ٱلْأُمِّيِّۦنَ سَبِيلٌ
وَيَقُولُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٥﴾

**75. Китабияб агьлулъун ругел ягьудиязул цо г1адамал руго жидеда г1емераб хазина божизабун таниги гьеб хазина духъ т1ад буссизабулел.** Гьел руго аварагасда иман лъурал Г1абдулагь ибну Салам رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ г1адал г1адамал. Гьав Г1абдуллагьихъе цо къурайшияс азарго месед кьун бук1ана. Гьеб месед Къурайшияс т1алаб гьабураб мехалъ Г1абдуллагьица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ гьесухъе кьуна.

**Ва гьездаса руго цоги г1адамал, жидехъе цох1о динар кьун бугониги**

**гьеб нахъе кьоларел, гьеб динар нахъе кьезег1ан мун гьесда т1ад ч1ун гурони. Гьедин божилъи гьабураб жо нахъе кьунгут1иялъе г1иллаги буго гьез абулеб бук1ин нижеда т1адаб гьеч1ин гьел уммиял г1арабазул аманат т1убазе»** – абун.

Ягьудиязулъ ч1ух1и бук1ана. «Ниж Аллагьасул лъимал руго ва гьесие рокьулел чаг1иги руго, цогидаб халкъ нижер лагъзал руго. Гьел нижер лагъзадерил боц1и кванараб мехалъ нижеда рец1ел бук1уларо»-ян абулаан гьез. Цоги гьез абулаан: «Аллагьас ﷻ нижее х1алал гьабун буго нижер диналда хилиплъарал г1адамазул боц1и»–абун.

**Гьадин Аллагьасда г1унт1изабун, гьесул ц1ар гьоркьоб ккун гьез гьереси бицунеб буго, гьезда лъалебги бук1аго жидеца гьереси бицунеб бук1ин.** Ягьудияз абураб мехалъ:

«Нижеда т1адаб гьеч1о уммиял г1адамазул аманат т1убазе» – абун, *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: гьереси бицунеб буго Алагьасул тушбабаз. Жагьилияб заманаялъ бук1араб кинабго жо дир х1ат1азда гъоркь буго (ай гьеб к1очон тараб буго),аманатал хут1изег1ан. Гьеб аманат т1убазе ккола лъик1ав чиясул бугониги, квешав чиясул бугониги»-абун.* Х1адис ибну аби Х1атимица бицана.

بَلَىٰ مَنْ أَوْفَىٰ بِعَهْدِهِۦ وَٱتَّقَىٰ فَإِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٧٦﴾

**76.** Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: «гьел ягьудияз абухъин гьеч1о иш, жидеца аманат т1убач1езе мунагь-х1акъ бук1ине буго. **Ва амма жидеца аманат ва къот1и т1убарал,** аварагасда ﷺ иман лъун гьевги рит1ухъ гьувурал, **Аллагьасдаса ﷻ х1инкъун х1арамаб жоги тарал, х1акълъунго т1адег1анав Аллагь гьал г1адамал жиндие рокьулев вуго** ва жинца гьел хира гьарулевги вуго.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَشْتَرُونَ بِعَهْدِ ٱللَّهِ وَأَيْمَـٰنِهِمْ ثَمَنًا قَلِيلًا أُو۟لَـٰٓئِكَ لَا خَلَـٰقَ لَهُمْ فِى ٱلْـَٔاخِرَةِ وَلَا يُكَلِّمُهُمُ ٱللَّهُ وَلَا يَنظُرُ إِلَيْهِمْ يَوْمَ ٱلْقِيَـٰمَةِ وَلَا يُزَكِّيهِمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٧٧﴾

**77. Аллагьасе ﷻ гьабураб къот1иги хвезабун,** Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг рит1ухъ гьавизе ва гьесда нахърилълъине, **гьересиял гьаялги гьедун, гьелда данде (гьеб бичун) ц1акъ х1акъираб, дагьаб дунялалъул боц1и босарал г1адамал, гьел руго жидее ахираталда щибго лъик1лъиялъул бут1а гьеч1ел** ва Аллагьасул гурх1ел-рах1муги гьеч1ел. **Гьазда къиямасеб къоялъ Аллагь ﷻ к1алъаларо ва валагьуларо. Жидер хъубал мунагьазул гьираздаса гьел рац1ц1адги гьаруларо.**

**Гьал г1адамазе ц1акъ жинца унтизабулеб г1азабги бук1ине буго.**

وَإِنَّ مِنْهُمْ لَفَرِيقًا يَلْوُۥنَ أَلْسِنَتَهُم بِٱلْكِتَٰبِ لِتَحْسَبُوهُ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ وَمَا هُوَ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ وَيَقُولُونَ هُوَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ وَمَا هُوَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ وَيَقُولُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٨﴾

**78. Х1акълъунго ягьудиязул цо къокъа буго жидеца Аллагьасул калам Таврат ц1алулеб мехалъ жидер мац1аздалъун Таврааталда гьеч1еб жо ц1алулел, г1адамазда рак1алде ккезе гьеб Аллагьасул калам бугин абун.**
Раг1аби хисизарун, маг1на мекъи гьабун, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рещт1изабураб х1алалъ, гьесул мурадалда теч1ого, жидее бокьараб маг1наялде сверизабулеб буго гьеб къокъаялъ Таврат.

**Цинги гьеб Аллагьасул калам бугоян абулеб буго, амма гьеб жо Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам гьеч1о. Гьаб жидеца ц1алулеб жо Аллагьасдаса бач1араб бугин абулеб буго, гьесдаса бач1арабги гьеч1еб х1алалъ гьез ц1алулеб жо. Аллагьасул ц1ар гьоркьоб ккун,** гьесде г1унт1изабун **гьереси бицунеб буго ягьудияз ва гьезда якъинго лъалебги бук1аго** жидеца гьабулеб иш ц1акъ к1удияб зулму ва купру бук1ин.

Гьал ягьудиязул бищунго к1удияб мунагь ва гьезул г1адат билълъараб к1иго жо бицана гьал аятазда жаниб: Х1арамаб, бат1улаб нухалда г1адамазул боц1и кванай ва Аллагьасул калам хисизаби. Гьелъул мекъаб маг1на гьаби, Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасул сипатал г1адамаздаса рахчи. Гьал мунагьал руго ягьудиязда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ щцин бахъиналъе сабаблъун ругел.

Жинда Аллагь разиялъаяв Ибнуг1аббасида цо чияс абуна: ниж гъазаваталда ругеб мехалъ нижее квен гьабизе жизят кьолел г1адамазул (магъало т1ад къот1ун, божи гьабун тарал ягьудиял) чахъу яги г1анк1аби рачуна абун. Ибнуг1аббасица رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ абуна:
*«Гьеб жоялда щибха нужеца абулеб?» - абун. Дов чияс абуна нижеца гьелъул к1вар гьабуларин ва гьеб нижее х1алалаб бугин абулаян»– абун. Ибнуг1ббасица* رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ *абуна: «Гьеб раг1и буго ягьудияз абулеб, г1адамазул боц1и х1арамаб нухалда кваналеб мехалъ. Жизят кьун хадуб гьел г1адамазул боц1и нужее х1алаллъуларо, гьез рак1 разилъун нужее кьураб жо гурони»* – абун.

مَا كَانَ لِبَشَرٍ أَن يُؤْتِيَهُ ٱللَّهُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحُكْمَ وَٱلنُّبُوَّةَ ثُمَّ يَقُولَ لِلنَّاسِ كُونُوا۟ عِبَادًا لِّى مِن دُونِ ٱللَّهِ وَلَٰكِن كُونُوا۟

**79. Жиндихъе Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **т1ехь кьурав, г1елму-г1акълуги кьурав, авараглъиги кьурав чияс г1адамазда абуларо ва абизе рак1алдеги щоларо:**

رَبَّٰنِيِّـۧنَ بِمَا كُنتُمْ تُعَلِّمُونَ ٱلْكِتَٰبَ وَبِمَا كُنتُمْ تَدْرُسُونَ ﴿٧٩﴾

**нужеца Аллагьги живго тун, гьесие гьабулеб г1адин дие лагълъи гьабе–абун.**

Авараг вуго Аллагьасдаги г1адамаздаги гьоркьов вугев чапар, гьезда Аллагьасе г1ибадат гьабулеб къаг1ида малъулев ва гьел Аллагьасде ах1улев. **Аварагас г1адамазда абула: «Нуж рук1а раббаниюнал,** г1алимзабилъун, х1акимзабилъун, х1алимзабилъун рук1а, Аллагьасе мут1иг1ал ва гьесие купру-ширкалдаса г1ибадат бац1ц1ад гьабулел. **Нужеда лъараб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам г1адамазда малъулеллъун рук1а ва гьеб нужецаго лъазабулелги рук1а»-абун.**

وَلَا يَأْمُرَكُمْ أَن تَتَّخِذُوا۟ ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ وَٱلنَّبِيِّـۧنَ أَرْبَابًا ۗ أَيَأْمُرُكُم بِٱلْكُفْرِ بَعْدَ إِذْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ﴿٨٠﴾

**80. Ва гьев аврагас нужеда амру гьабуларо нужеца малаикзаби ва аварагзаби алагьзабилъун ккве абун.**

Аллагьас аварагасда т1ад къараб бищунго к1вар бугеб амру бук1уна Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави ва гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьаби. **Аллагьасда инкар ккве ва гьев цо вук1иналда капурлъе абун амру гьаби кин рекъолеб аварагасда, гьес иманалдеги ах1ун, нуж исламияб диналда жанир лъугьун ругеб мехалъ.**

وَإِذْ أَخَذَ ٱللَّهُ مِيثَٰقَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ لَمَآ ءَاتَيْتُكُم مِّن كِتَٰبٍ وَحِكْمَةٍ ثُمَّ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مُّصَدِّقٌ لِّمَا مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِۦ وَلَتَنصُرُنَّهُۥ ۚ قَالَ ءَأَقْرَرْتُمْ وَأَخَذْتُمْ عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ إِصْرِى ۖ قَالُوٓا۟ أَقْرَرْنَا ۚ قَالَ فَٱشْهَدُوا۟ وَأَنَا۠ مَعَكُم مِّنَ ٱلشَّٰهِدِينَ ﴿٨١﴾

**81. Нужеца рак1алде щвезабе ва пикру гьабе, я гьаб китабияб агьлу, Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **киналго аварагзабаздаса къот1и босараб г1ужалъул: «нужехъе авараглъиги кьун бук1ун, т1ехьги рещт1изабун бук1ун цинги нужеда т1аде Аллагьасул расул вач1араб мехалъ, нужехъ бугеб т1ехь рит1ухъ гьабулев** ва нужер авараглъиги рит1ухъ гьабулев, **нужеца гьев аварагасда иман лъе ва гьесие квербакъи гьабе» – абун.**

Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел аварагзабазда абуна мух1канлъи т1алаб гьабун: **«Нуж мук1урал ругищ гьаб къот1иялъе ва нужеца гьеб т1аде босулищ?» – абун. Аварагзабаз абуна ниж мук1урал ругоян абун. Аллагьас жегиги гьезда абуна: «Нужеца цоцазе рагl1ун ва цоцазда цебе нуг1лъи гьабе гьаб мух1канаб къот1и босиялъе. Дунги вуго нужгун цадахъ гьаб къот1иялъе нуг1лъи гьабулев» – абун.**

فَمَن تَوَلَّىٰ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ﴿٨٢﴾

**82. Гьаб мух1канаб къот1и босун хадуб гьеб къот1и хвезабурал ва гьелда хилиплъарал г1адамал Аллагьасе**

**мут1иг1лъиялдаса рахъарал пасикъзаби руго.**

Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Адам عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасдаса байбихьун, хадур ругел аварагзабазул щивасдаса къот1и босана: живги ч1аго вук1ун т1аде Аллагьасул х1акъав авараг вач1ани, гьесда нахърилълъизе ва гьесие квербакъизе. Гьединго аварагзабаздаса къот1и босана цоцазе квербакъулелльун рук1инеги.

Г1али رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1абас ва Ибнуг1аббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: Т1адег1анав Аллагьас цониги авараг вит1ич1о, жиндаса къот1и босун гурони: жив ч1аго вук1аго Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вит1ани гьесда нахъвилълъине ва гьесие квербакъизе. Ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагзабазда амру гьабуна гьез жидер умматаздасаги босе абун гьединаб къот1и.

Аллагь разилъаяв Жабир асх1абасдаса х1адис бицана: Аллагьасул расулас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна:

*«Нужеца китабияб агьлуялда щибго жо гьикъуге: жалго къосаралги рук1аго гьез нуж бит1араб нухда т1орит1уларо. Гьез бицунеб жоялда г1енеккани нужеца я х1акъаб жо гьереси гьабизе буго яги бат1улаб жо рит1ухъаблъун гьабизе буго»* – абун. Х1адис Абуяг1лаца бицана.

Цоги х1адисалда буго: *«Муса авараг ва Г1иса авараг ч1аго рук1аралани гьезие рес бук1инч1о дида нахъ рилълъинч1ого»* – абун. Х1адис Абуяг1лаца бицана.

Гьаб аяталдаса ва гьал х1адисаздаса бич1ч1улеб жо буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв. Мух1аммад авараг вит1аралдаса нахъе цебехун бук1араб цониги дин жинда нахърилълъунеблъун бук1уларо. Киналго диназул х1укму Къуръаналда жаниб буго ва киналго аварагзабазе кьураб х1икмат: г1елму, г1акълу Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасе кьун буго. Гьев хирияв Мух1аммадил умматлъун нилъ ратиги жинда щукро гьабун г1олареб к1удияб ниг1мат буго ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц1об-рах1матги буго.

أَفَغَيْرَ دِينِ ٱللَّهِ يَبْغُونَ وَلَهُۥٓ أَسْلَمَ مَن
فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ طَوْعًا وَكَرْهًا
وَإِلَيْهِ يُرْجَعُونَ ﴿٨٣﴾

**83. Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **динги рехун тун;** жиб босун авараг вач1араб, ва жиндалъун т1ехьги рещт1изабураб, **цоги динищ бокьун бугеб гьал ягьудиязе. Т1адег1анав Аллагьасе мут1иг1аб буго зобал ракьазда жаниб бугебщинаб жо. Цоял рак1 разилъун, бокьун мут1иг1лъарал руго, цогидал рак1 разилъич1ого мут1иг1лъарал руго. Ахир кинабго халкъ Аллагьасде**

**буссинабулебги буго:** х1исаб мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ракl разилъун мутlигlлъарал руго муъминзаби: жидеца ракlал Аллагьасухъе кьурал ва гьесул х1укмуялда разилъарал. Капурчиги мутlигlлъула Аллагьасе, жиндие гьеб мутlигlлъи бокьун гьечlого, Аллагьасул гуч бихьун, гьесул х1алкlолъиги ва ханлъиги бихьун: щивго чиясе данде чlезе кlолареб ва жинда хилиплъи гьабизе кlолареб. Гьал капурзабазул мутlигlлъи букlула гьеб мутlигlлъиялъ щибго мунпагlат гьабулареб гlужалъ: жидеда хвел тlаде щвей якъинлъараб мехалъ, цинги ахираталда х1исабалъе рахъизарураб мехалъги.

قُلْ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ عَلَيْنَا وَمَآ أُنزِلَ
عَلَىٰٓ إِبْرَٰهِيمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ
وَيَعْقُوبَ وَٱلْأَسْبَاطِ وَمَآ أُوتِىَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ
وَٱلنَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ
مِّنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ﴿٨٤﴾

**84. Дуца абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, ва дур умматалъул муъминзабацаги абе: «Нижеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъуна ва нижеда рещтlизабураб Къуръаналдаги иман лъуна ва ниж мутlигlлъун нахърилълъана. Гьединго нижеца иман лъуна Ибрагьим аварагасда рещтlизабураб, Исмагlилида ва исх1акъида ва Ягlкъубида рещтlизабураб жоялдаги:**
гьезухъе кьурал тlахьазда ва гьезда вах1ью гьабун, илгьам гьабун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъазабураб жоялдаги.
**Бануисраилазул Ягlкъуб عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасдаса тlибитlараб кьибилалъул аварагзабазда рещтlизабураб жоялдаги иман лъуна нижеца, Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасухъе кьураб Тавраталда ва Гlиса аварагасехъе кьураб Инжилалдаги иман лъуна. Ва цогидал киналго аварагзабаздаги, гьезухъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб жоялдаги иман лъуна. Гьал аварагзабазда гьоркьоб нижеца щибго батlалъи гьабуларо.** Нижее Аллагьасул рахъалъан бугеб жо кинабго х1акъаб буго, **ва ниж гьев Аллагьасе мутlигlлъун гьесул амруялда нахърилълъарал руго»-абун.** Ниж гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цох1огояв Халикъ вукlиналда ва жив гуресе гlибадат гьабун бегьуларев магlбуд вукlиналда ракl чlарал руго.

وَمَن يَبْتَغِ غَيْرَ ٱلْإِسْلَٰمِ دِينًا فَلَن يُقْبَلَ
مِنْهُ وَهُوَ فِى ٱلْءَاخِرَةِ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٨٥﴾

**85. Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ авараг витlун Аллагьас кинабго халкъалда тlадаблъун гьабураб исламияб динги рехун тун, цоги дин гьабулел гlадамазул дин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кидаго къабул гьабуларо. Гьедин цоги дин гьабулев чи вуго**

**жив ахираталда ч1ового хут1улев:**
жиндир гьабураб г1амал г1адада холев ва ахираталда жужах1алда вук1унев.

كَيْفَ يَهْدِي ٱللَّهُ قَوْمًا كَفَرُواْ بَعْدَ إِيمَٰنِهِمْ وَشَهِدُوٓاْ أَنَّ ٱلرَّسُولَ حَقٌّ وَجَآءَهُمُ ٱلْبَيِّنَٰتُ ۚ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِي ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٨٦﴾

**86. Аллагьас бит1араб диналда кин т1обит1улеб иман лъунги рук1ун хадур иман лъеялдаса руссарал ва жидеца инкарги ккурал г1адамал. жидеда якъинго лъарал Мух1аммад ﷺ х1акъав авараг вук1ин, гьесул сипатал Инжил-Тавраталда рук1ун. Ва гьев х1акъав авараг вук1иналда т1орит1ел гьабулел баянал х1ужаби ва муг1жизатал жидехъ рач1ун рук1ун.**

**Х1акълъунго Аллагьас جل جلاله жидерго напсазе зулму гьабулеб къавм бит1араб нухда ва бахьибуголъиялда рачунаро ва гьезие тавпикъги гьабуларо:** гьез бокьун, лъан х1акъаб жоялда инкар ккун бугелъул.

Х1асанул Басрияс абуна: гьаб аят решт1изабуна ягьудиязул ва насраниязул х1акъальулъ, жидеда Мух1мадил ﷺ сипатал Инжил-Тавраталда рихьарал, гьелда иман лъун божун рук1арал ва г1адамаздаги гьеб х1акъаб жо бугоян нуг1лъи гьабун бицунел рук1арал, цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жидер къавмаздаса гьеч1ого, г1арабаздаса вук1иналъ, гьезда х1алхъублъи гьабун жидеца аварагасда иман лъеялда инкар гьабурал ва цебеккун иман лъеялдаса руссун капурлъарал-абун.

أُوْلَٰٓئِكَ جَزَآؤُهُمْ أَنَّ عَلَيْهِمْ لَعْنَةَ ٱللَّهِ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةِ وَٱلنَّاسِ أَجْمَعِينَ ﴿٨٧﴾

**87. Гьаб г1амал гьабурал г1адамазе бугеб жазаъ буго жидее Т1адег1анав Аллагьасул جل جلاله, хириял малаикзабазул ва кинабго халкъалъул наг1ана бук1ин.**

Аллагьасул рах1маталдаса рик1к1ад гьарурал рук1ин.

Аллагьас рик1к1ад гьарурал нилъецаги рик1к1ад гьаризе т1адаб бук1уна ва исламияб диналда рач1инч1ел куфру-ширкалъул агьлу бусурбабазе гьудулзабилъун бегьуларо. Гьезулгун кинабг1аги рокьахинльи бегьуларо, гьезул хьвада-ч1вади, рет1ел-хьит берцин бихьун, гьелда нахърилълъине бегьуларо. Гьел капурзабазе бусурбаби х1елун, г1одорег1анлъизе бегьуларо, гьезул х1алт1ухъанлъун вук1инеги бегьуларо.

Шарг1алда изну кьураб жо буго капурзабигун даран-базар гьаби. Нилъгун ракълида ругеб мехалъ мадугьаллъиялъул х1акъ ц1уни

ва Аллагьасул лагъзал рук1ин х1исабалда гьезие зулму, инжитлъи гьабунгут1и. Шарг1алда ч1вазе изну кьурал инсанасе заралиял рух1ч1аголъабазецин зулму, инжитлъи гьабизе х1арамаб буго. Аллагьас хира гьабун вижарав инсан жинца г1одовег1ан гьави Аллагьас жив г1одовег1ан гьавиялъе сабаблъун бук1уна.

Бусурбабазулгун ракълида гьеч1ел, нилъедехун квешаб бербалагьи бугел ва бусурбабиги гьезул ракьалги асирлъиялда ккун ругел капурзабазул х1укму бат1ияб буго. Гьезда абула х1арбиял абун. Нилъеда жидеца рагъ лъазабурал ва нилъеца гьездаги рагъ лъазабурал.

Гьел капурзаби руго нилъер диналъул тущбаби, Аллагьасулги ﷻ, аварагасулги ﷺ тущбабиги руго, гьалдаги т1аде зулмучаг1и руго ва Аллагьасул дин ракьалдаса т1аг1изабиялъе г1оло х1алт1улел руго. Гьазул зулму т1аса рехизе, гьазул лагълъиялдаса рахъизе ва гьел Аллагьас жидее х1укму гьабураб инжитлъиялда ва г1одорег1анлъиялда ккезаризе ургъизе ва х1алт1изе т1адаб буго кинавго бусурманчиясда.

**88. Даимго рук1инелъун жужах1алда лъугьизарула Аллагьас ﷻ гьал церехун рицарал капурзаби. Гьездаса г1азабги бигьа гьабуларо. Ва гьел г1азаб гьабич1ого нахъе рахъунги толаро:**

خَٰلِدِينَ فِيهَا لَا يُخَفَّفُ عَنۡهُمُ ٱلۡعَذَابُ وَلَا هُمۡ يُنظَرُونَ ٨٨

тавбу гьабизе абун, лъик1аб г1амал гьабизе абунги. Гьеб ахираталъул рукъ г1амал гьабулеб рукъ гьеч1о, гьениб жазаъ гьабула ва гьеб жазаалдаса щивго чи ворч1уларо.

**89. Кинниги жидер гьалат1 бич1ч1ун, жал рек1екълъун, тавбу гьабун гьеб купруялдаса руссарал ва жидеца лъик1аб г1амалги гьабурал г1адамазул Аллагьас ﷻ тавбу къабул гьабула. Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурх1улев вуго.**

إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُواْ مِنۢ بَعۡدِ ذَٰلِكَ وَأَصۡلَحُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٌ ٨٩

**90. Ва амма жидеца иман лъун бук1ун хадуб жал капурлъарал, цинги жегиги купруялъулъ ц1ик1к1арал,- гьал г1адамазул тавбу Аллагьас къабул гьабуларо ва гьел ц1акъ къосарал ва мекъи ккарал г1адамал руго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بَعۡدَ إِيمَٰنِهِمۡ ثُمَّ ٱزۡدَادُواْ كُفۡرٗا لَّن تُقۡبَلَ تَوۡبَتُهُمۡ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلضَّآلُّونَ ٩٠

Гьаб аят рещт1изабуна ягьудиязул х1акъалъулъ, жидеца Муса عَلَيْهِ السَّلَام аварагасда иман лъун рук1арал. Г1иса عَلَيْهِ السَّلَام авараг вач1араб мехалъ гьесда инкар ккурал, хадуб Мух1аммад ﷺ авараг вач1араб

мехалъ гъесда ц1акъго инкар ккун, купруялда т1ад ч1арал.

Абубакар ал-Базарица Ибнуг1аббасидаса رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ бицараб х1адисалда буго:*«Цо къавм исламалда бач1ун хадуб муртадлъана. Цингиги тавбо гьабун исламалда рач1ана, ва гьелда хадурги муртадлъана.* Гьезул х1акъалъулъ аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бициндал, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещт1изабуна (90 аят).

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَمَاتُواْ وَهُمْ كُفَّارٌ فَلَن يُقْبَلَ مِنْ أَحَدِهِم مِّلْءُ ٱلْأَرْضِ ذَهَبًا وَلَوِ ٱفْتَدَىٰ بِهِۦٓ أُوْلَـٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ وَمَا لَهُم مِّن نَّـٰصِرِينَ ﴿٩١﴾

**91. Х1акълъунго Жидеца Аллагьасда ва аварагзабазда инкар гьабурал г1адамал, гьеб инкаралда рук1адго жалги хварал, гьал г1адамазул тавбо Аллагьас къабул гьабуларо. Жал г1азабалдаса хвасар гьаризе абун гьаб дунял ц1ураб месед гьез кьуниги гьебги босуларо. Гьал г1адамал руго жидее ц1акъ унтизабулеб г1азаб бук1унел, ва жидее квербакъулев щивго чиги вук1унарел.**

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асх1абасдаса х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Къиямасеб къоялъ жужах1алда вугев цо чиясда Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *гьикъула нагагь дунялалда бугеб щинаб бечелъи дур бук1арабани, гьеб кьезе бук1аниш дуца гьаб г1азаб т1аса босаралъухъ?–абун. Гьес абула кьезе бук1анаян абун. Цинги Аллагьас абула: «Мун ч1аго вугеб мехалъ ц1акъ дагьаб жо бокьун бук1ана дие дудаса: мун Адамил гьодинив зарралъун вугеб мехалъго дица дудаса къот1и босун бук1ана дуца дие г1ибадат гьабизе ва гьеб г1ибадаталъулъ щибго жо г1ахьал гьабич1ого бук1изе. Мун ч1еч1о дидахун ширк гьабун гурони» – абун.* Х1адис имам Муслимица бицана.

لَن تَنَالُواْ ٱلْبِرَّ حَتَّىٰ تُنفِقُواْ مِمَّا تُحِبُّونَ وَمَا تُنفِقُواْ مِن شَيْءٍ فَإِنَّ ٱللَّهَ بِهِۦ عَلِيمٌ ﴿٩٢﴾

**92. Нуж дунялалъул лъик1лъиялда ва ахираталъул алжаналдаги щоларо, бищунго нужее бокьулеб жо Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун лъик1аб нухда напакъаде кьун гурони. Нужеца щиб жо напакъаде кьуниги, гьеб бихьулев, лъалев вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.**

Аллагьасул нухда кьураб лъик1аб жо нужее ахираталда хазиналъун батизе буго.

Напакъаде кьей абураб раг1иялъул маг1на буго: боц1и-мал харж (расход) гьаби. Гьеб напакъа паризаяб бук1уна лъимал хъизаналъе кьолеб, херал эбел-имсуе кьолеб г1адаб. Суннатабги бук1уна Аллагьасе г1оло кьолеб. Гьаб аяталда жаниб бицен гьабулеб суннатаб напакъа буго.

Имам Ах1мадица Анас ибну Маликидаса رضي الله عنه х1адис бицана: Ансаразул Абут1алх1ат رضي الله عنه асх1аб вук1ана Мадинаялда бищун бечедал г1адамаздаса. Гьесие бищун бокьулеб жо бук1ана масжидалда аск1об бугеб берцинаб ах. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг лъугьунаг1ан цо-цо мехалъ гьеб ахикье ва гьениб бугеб т1аг1ам лъик1аб лъинги гьекъолаан.

Гьаб аят рещт1изабун хадуб Абут1алх1ат رضي الله عنه вач1ана аварагасухъе ва гьес абуна:

*«Т1адег1анав Аллагьас جل جلاله абулеб буго нужеца бищун бокьулеб жо Аллагьасе г1оло кьеян абун. Бищун дие бокьулеб жо гьаб ах буго ва дица гьеб Аллагьасул جل جلاله нухда кьуна. Дуца дуего бокьухъин г1адлу гьабе я расулуллагь صلى الله عليه وسلم, гьеб ахалъул»-абун.* (х1адис къокъ гьабуна). Х1адис имам Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умарасх1абасги абуна: *«Я расулуллагь صلى الله عليه وسلم! Бищунго дие хирияб боц1и буго хайбаралъул ракьалдаса дие щвараб бут1а (гъанимат бикьун щвараб). Щибжо гьабеян дуца дида амру гьабулеб гьеб ракьалъе?» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуца ракь дуего те ва т1ад бижараб пихъ Аллагьасул нухда садакъаде малъе» – абун.* Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

**93. Кинабго т1аг1ам Бануисраилазе х1алалаб бук1ана, Яг1къубица عليه السلام жиндирго напсалъе х1арам гьабураб жо хут1изег1ан.**

كُلُّ ٱلطَّعَامِ كَانَ حِلًّا لِّبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ إِلَّا مَا حَرَّمَ إِسْرَٰٓءِيلُ عَلَىٰ نَفْسِهِۦ مِن قَبْلِ أَن تُنَزَّلَ ٱلتَّوْرَىٰةُ قُلْ فَأْتُوا۟ بِٱلتَّوْرَىٰةِ فَٱتْلُوهَآ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٩٣﴾

Гьеб варанидул гьан ва рахь бук1ана. Жинда бугеб цо унтиялъе дару лъугьани Яг1къубица عليه السلام Аллагьасе къот1и гьабун бук1ана варанидул гьан ва рахь кваналаро абун. **Гьаб кинабго т1аг1ам х1алалаб бук1ин Таврат рещт1инелде цебе бук1ана.** Таврат рещт1ун хадуб цо-цо жо х1арам гьабуна бануисраилазе, гьез гьарурал мунагьазде данде жазаълъун. **Дуца гьезда абе Мух1аммад** صلى الله عليه وسلم: «гьаб амру гьадин батич1они **нуж Тавратги босун рач1а ва нужеца гьеб ц1але, нуж бит1араб жо бицулел ратани»-абун.**

**94. Гьадинаб баянаб х1ужа бач1ун хадубги Аллагьасда جل جلاله г1унт1изабун гьереси бицунел г1адамал, гьел руго жидер зулмучилъи ва Аллагьасдаса нечон гут1и г1орхъолъан борч1арал г1адамал.**

فَمَنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٩٤﴾

**95. Дуца гьел ягьудиязда абе Мух1аммад** صلى الله عليه وسلم**: «Аллагь жинца бит1араб**

قُلْ صَدَقَ ٱللَّهُ فَٱتَّبِعُوا۟ مِلَّةَ إِبْرَٰهِيمَ حَنِيفًا

وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٩٥﴾

**бицунев вуго, нуж Ибрагьимил диналда нахърилълъа ва бат1улал диналги рехун те. Гьев Ибрагьим** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **авараг мушриказдаса вук1инч1о»-абун.**

Ягьудиязги насраниязги абухъин гьезул диназда вук1инч1о ва гьез гьабулеб ширк гьабулевги вук1инч1о.

إِنَّ أَوَّلَ بَيْتٍ وُضِعَ لِلنَّاسِ لَلَّذِى بِبَكَّةَ مُبَارَكًا وَهُدًى لِّلْعَالَمِينَ ﴿٩٦﴾

**96. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **г1адамаз г1ибадат гьабизе т1оцебе ракьалда т1ад бараб рукъ буго Макка шагьаралда бугеб Каг1ба рукъ. Ц1акъ баракат бугеб буго гьеб рукъ,** жинда х1аж ва г1умра гьабулел г1адамазе. Т1олго дунялалда ругел муъминзабазе **т1орит1ел ва х1акъаб диналъул аслуги буго,** ва гьезул къиблаги буго.

فِيهِ ءَايَٰتٌۢ بَيِّنَٰتٌ مَّقَامُ إِبْرَٰهِيمَ ۖ وَمَن دَخَلَهُۥ كَانَ ءَامِنًا ۗ وَلِلَّهِ عَلَى ٱلنَّاسِ حِجُّ ٱلْبَيْتِ مَنِ ٱسْتَطَاعَ إِلَيْهِ سَبِيلًا ۚ وَمَن كَفَرَ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَنِىٌّ عَنِ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٩٧﴾

**97. Гьеб каг1ба рукъ** ва гьелда сверун бугеб масжидул х1арам **жиделъ г1емерал г1аламатал ва х1ужжаби ругел руго** жиб цогидал масжидаздаса хирияб бук1иналде т1орит1ел гьабулел. **Гьениб Ибрагьимил макъамги буго.**

Биххун бук1араб Каг1ба рукъ ц1и гьабун балеб мехалъ Ибрагьим авараг жинда т1ад вахъун ч1ун вук1араб гамач1 буго гьеб. Гьев Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жинда т1ад вук1адго жиб эхедеги борхулеб бук1араб къед борхалъараб мехалъ, жиб г1одобеги бач1унеб бук1араб г1одоса цоги гамач1 босизе. Жинда т1ад Ибрагьим аварагасул х1ат1ил лъалк1ги хут1ун бугеб.

Гьединго зам-зам лъин буго жиндилъ баракат бугеб ва унтабазе дарманлъун бугеб. Сафа ва Мавра абураб к1иго мег1ер буго жиб к1иялдаго гьоркьоб х1ажизабаца саг1ю гьабулеб (жал хьвадулеб). Х1ажарул асвадги буго каг1ба рукъалъул къадалъе лъун бугеб.

Аллагьас абулеб буго: **«Маккаялъул х1арамалда жанив лъугьарав чи жив божаравлъун вук1уна»** – абун. Цебего заманаялдаса каг1ба рукъалда жаниб ва аск1об би г1одоб т1олеб бук1инч1о ва тущманас тущманасдаса рец1елги босулеб бук1инч1о. **Ва киналго бусурбабада г1умруялда жаниб цо нухалъ т1ад гьабун буго Каг1ба рукъалда х1аж гьабизе, гьенив ине рес бугев чиясда нухалъул рахъалъан.** Рек1унеб жо бук1ун, нухда х1ажалъулеб квен-т1ех, г1арац бук1ун, чорхол сахлъи бук1ун.

**Аллагьасул амруялда инкар ккун х1аж гьабич1ого ч1арав чиясда лъай абе: х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кинабго г1аламалдаса жиндие**

**щибго жо х1ажат гьеч1ев вуго.** Гьезул г1амалги жидеего буго ва гьез гьабич1ого тараб жоялъул къварилъи- г1азабги гьезиего бук1ине буго.

قُلۡ يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لِمَ تَكۡفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَٱللَّهُ شَهِيدٌ عَلَىٰ مَا تَعۡمَلُونَ ۝٩٨

**98. Дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Я китабияб агьлу, нужеца щай инкар кколеб Аллагьасул аятазда ва г1аламатазда:**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммадида рещт1изабураб Къуръаналда инкар щай кколеб, гьенир мух1канал далилал рук1ингун цадахъ гьав авараг рит1ухъав вук1ин бицунел. **Аллагь ﷻ нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго** ва нужее жазаъ гьабизе буго щибго жо гьоркьоб теч1ого»-абун.

قُلۡ يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لِمَ تَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ مَنۡ ءَامَنَ تَبۡغُونَهَا عِوَجٗا وَأَنتُمۡ شُهَدَآءُۗ وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعۡمَلُونَ ۝٩٩

**99. Цоги дуца абе Мух1аммад ﷺ: «Я китабияб агьлу, нужеца щай Аллагьасул ﷻ нухдаса иман лъурал г1адамал нахъ руссизарулел. Ва нужее щай бокьулеб бит1араб исламияб диналъул нух гьет1араблъун, мекъаблъун бук1ине.**

г1адамал щакдарулел харбал рицун ва исламияб диналда гьеч1ел г1айибал г1унт1изарун. **Нужеда якъинго лъалебги бук1адго гьеб исламияб дин х1акъаб, бит1араб дин бук1ин. Х1акълъунго Аллагь ﷻ нужеца гьабулеб жо лъаларев, гьелдаса гъапулав гьеч1о,** нужее х1акъаб г1азаб гьабич1ого толевги гьеч1о» – абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِن تُطِيعُواْ فَرِيقٗا مِّنَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ يَرُدُّوكُم بَعۡدَ إِيمَٰنِكُمۡ كَٰفِرِينَ ۝١٠٠

**100. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж мут1иг1лъани китабиязул цо къокъаялъе:** нуж къосизаризе бат1и-бат1иял нухал ралагьулел ругел, **гьел ягьудияз нуж иман лъун рук1ун хадур гьелдаса рахъизарун куфру-ширкалде руссинаризе руго.**

وَكَيۡفَ تَكۡفُرُونَ وَأَنتُمۡ تُتۡلَىٰ عَلَيۡكُمۡ ءَايَٰتُ ٱللَّهِ وَفِيكُمۡ رَسُولُهُۥۗ وَمَن يَعۡتَصِم بِٱللَّهِ فَقَدۡ هُدِيَ إِلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسۡتَقِيمٖ ۝١٠١

**101. Кин нуж х1акъаб диналда инкар ккун, ягьудиязда божун купруялда унел, нужее щибаб г1ужалъ Къуръаналъул аяталги ц1алулел рук1адго ва нужеда гьоркьов Аллагьасул расулги ﷺ вук1адго. Жинца Аллагьасдалъун ц1уни гьарарав ва х1акъаб дин ккун ч1арав чи вуго жив бит1араб нухалда т1овит1арав ва ахираталда алжаналде лъугьунев.**

Гьаб к1иго аят рещт1инабиялъе сабаб бицана: Шас ибну Къайс абурав

ягьудиязул цевехъанасда Авс ва Хазраж абулеб к1иго кьибилалъул г1адамал цо бак1алда данде руссун хабар бицунел ва цоцазде рекъон, рак1гъун рихьана. Гьеб жо жинда ц1акъ рихун, гьезда гьоркьоб тущманлъи ккезабизе ургъана гьев малг1ун. Цинги гьес цо г1олохъанчи вит1ана гьезда гьоркьов г1одов ч1езе ва гьесдаги абуна:

Дуца гьезда бице жагьилаб заманалъ гьезда гьоркьоб бук1араб тущманлъиялъул, цоцалъе рагъбан, рогьоббан бук1араб заман рак1алде щвезабе, ва гьез цояз-цоял какун гьарурал шиг1раби ц1але абун. Г1олохъанчияс гьеб кинабго жо гьабуна ва к1иябго къавм жиде-жидер гьунар бицине лъугьана, хадур цоцазде ццин бахъун, ярагъ босун, рагъизе къасд гьабуна.

Цинги гьеб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда раг1ана. Цадахъ ансарал ва мугьажиралги рачун хехго гьеб бак1алде вач1ана ва аварагас ﷺ абуна: *«Нужеца жагьилаб даг1ба гьабулебищ бугеб, дунги нужеда гьоркьов вук1аго. Аллагьас нуж исламияб диналдалъун хира гьарун рук1адго, нуж цоцалъ рекъезеги гьарун жагьилияб тущманлъи т1аса реххун бук1ун хадубги?»* – *абун.*

Цинги гьеб к1иябго къокъаялда бич1ч1ана жал щайт1аналъ мекъи ккезарураблъи, гьез тавбо гьабун, цоцазда т1асан лъугьун, ярагъги г1одобе рехун авараггун ﷺ цадахъ нахъ руссана. Гьаб ишалда хадуб т1адег1анав Аллагьас цебе араб к1иго аят рещт1изабуна.

**102. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж т1адег1анав Аллагьасдаса** ﷻ **х1инкъа т1убараб х1инкъиялъ. Нуж Аллагьасе мут1иг1лъун рук1а ва гьесдехун г1асилъи гьабуге.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِۦ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُم مُّسۡلِمُونَ ﴿١٠٢﴾

Нужеца Аллагь рехсе ва нужеда кидаго гьев рехсезе к1очонге. Нужеца Аллагьасе щукру гьабе ва кидаго гьесул ниг1матал к1очон, гьезда инкар ккун рук1унге. **Ва нужги хоге исламияб диналда рук1ун гурони.** Нужеца исламияб дин ц1акъ ккве ва гьеб диналдаса хисуге.

**103. Нуж кинацаго Аллагьасулгун** ﷻ **бухьен ккве.** Аллагьасул калам Къуръан ккве ва нужехъе вит1арав Мух1аммад ﷺ аварагасда нахърилълъа. Нужеда цере рук1арал ягьудиял ва насраниял г1адин **нуж цоцаздаса рат1алъун, къокъаби гьарун, дин хвезабулеллъун рук1унге.**

**Нужеца рак1алда щвезабе нужее бугеб**

وَٱعۡتَصِمُواْ بِحَبۡلِ ٱللَّهِ جَمِيعٗا وَلَا تَفَرَّقُواْۚ وَٱذۡكُرُواْ نِعۡمَتَ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ إِذۡ كُنتُمۡ أَعۡدَآءٗ فَأَلَّفَ بَيۡنَ قُلُوبِكُمۡ فَأَصۡبَحۡتُم بِنِعۡمَتِهِۦٓ إِخۡوَٰنٗا وَكُنتُمۡ عَلَىٰ شَفَا حُفۡرَةٖ مِّنَ ٱلنَّارِ فَأَنقَذَكُم مِّنۡهَاۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمۡ ءَايَٰتِهِۦ لَعَلَّكُمۡ تَهۡتَدُونَ ﴿١٠٣﴾

**Аллагьасул** ﷻ **к1удияб нигlмат: нуж цоцазе тущбабилъун рук1арал Аллагьас гьудулзабилъун, ваца ллъун гьаруна жиндир нигlматалдалъун. Ва нуж рук1ана жужах1алда жанир ккезе г1агарлъун,** гьеб гвендил раг1алде щун, **гьелдасаги Аллагьас нуж хвасар гьаруна исламияб диналде рачун.**

**Гьадин т1адег1анав Аллагьас** ﷻ **нужее жиндир аятал ва г1аламатал баян гьарула,** гьездалъун нужее ваг1за-насих1ат гьабула **нуж битlараб нухда т1орит1ун рук1ине бокьун ва нужее дунял ахираталъул лъик1лъи ва бахьибуголъи щвезе бокьун.**

وَلۡتَكُن مِّنكُمۡ أُمَّةٞ يَدۡعُونَ إِلَى ٱلۡخَيۡرِ وَيَأۡمُرُونَ بِٱلۡمَعۡرُوفِ وَيَنۡهَوۡنَ عَنِ ٱلۡمُنكَرِۚ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ﴿١٠٤﴾

**104. Нужедаса цо къокъа бук1а жал т1ад ч1 араллъун Аллагьасул** ﷻ **диналде халкъ ах1иялда, кинабго лъик1аб жоялда г1адамал т1орит1улеллъун, Аллагьас** ﷻ **ва гьесул расулас** ﷺ **т1ад къараб наризаяб ва суннатаб жо т1убан Аллагьасе т1аг1ат гьабеян амру гьабулеллъун. Кинабго шарг1алда хилапаб ва х1арамаб жо гьабиялдаса г1адамал нахъ ч1валеллъунги. Гьадин хьвадараб къокъа бук1уна кинабго лъик1лъиялда кверщел батараллъун ва дунял-ахираталда рит1ун ккараллъун.**

Лъик1алдалъун амру гьаби ва квешаб жоялдаса нахъч1вай кинавго бусурманчиясда т1адаб буго. Абугьурарайратидаса رضي الله عنه бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«нужер щив чи вугониги жинда мункараб жо бихьарав, гьеб жо т1аса инабе (гьеб нахъч1вай) жиндир кверaлдалъун, гьедин х1ал к1веч1они мац1алдалъун нахъч1вай, гьединги х1ал к1веч1они рак1алдалъун инкар гьабе гьеб мункаралда: гьаб рак1алдалъун инкар гьабиги иманалъул бищунго заг1ипаб буго» – абун.* Х1адис имам Муслимица бицана.

Аяталда жаниб «нужедаса цо къукъа бук1а» - абураб раг1иялъул маг1на буго: г1алимзаби, имамзаби ва киналго бусурбабазул амру кодоб бугел г1адамал т1ад ч1а гьеб амру-нагью гьабиялда абураб. Ва амма амру-нагью гьаби кинавниги бусурманчиясда т1адаб буго, жиндир рес бегьараб х1алалъ, ва жиндир г1елму-г1акълоялда рекъон. Гьаб х1алалъ амру-нагью гьаби т1адаб бук1ин баян гьабуна цебехун бицараб х1адисалъги.

Ахир заманаялъ гьеб амру-нагью гьабулел г1адамал ц1акъго дагьал рук1уна ва гьел цогидал г1адамазе ц1акъ рихаралги рук1ина. Кинавго инсан жиндир гьава-нафсалда ва шагьватазда нахъвилълъараб мехалъ, гьел Аллагьасул ﷻ диналде ах1улел г1адамал мужагьидазул макъамалда рук1уна ва гьезул г1емерисел шагьидзабилъун хола:

ханзабазул, х1акмизабазул, г1адамазул зулмуялдалъун шагьидлъула гьел. Нилъ жанир ругеб гьаб заманги х1акъаб жо бицунев чи г1адамаз тущманлъун кколеб замана буго. Бат1улаб жо г1емераб, бидг1аяб, х1арамаб жоялда халкъ нахъбилълъараб, гьеб шарг1алда хилапаб жо ц1аларал чаг1аз, имамзабаз, щайихзабаз нухал рачун, фатва кьун х1алал гьабураб замана буго.

Ва амма щивав инсанасда т1адаб буго жиндир напс Аллагьасул ццин бахъиналдаса ц1унизе ва х1акъаб, бит1араб жо ц1ехезе, гьелда нахъвилълъине. Бищунго зах1матаб масъала буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабулев абунги вук1ун инсан гьит1инаб яги к1удияб ширкалде ккей.

Г1акъло бугев чиясе ширкалдаса жив ц1уни зах1матаб масъала гьеч1о, амма щайт1аналъ инсан гуккун, мун х1акъаб нухалда вугин абун, гьесие кинабго квешаб жо берцин бихьизабула, ва ургъич1ого, пикру гьабич1ого гьев инсанги живго ругьунлъараб г1амал гьабулев вук1уна.

Кинабго жиндир амру Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ кодоб кьун, кинабго жоялъулъ таваккал Аллагьасда т1амун, кинабг1аги лъик1лъи ва квешлъи цох1о Аллагьасдаса бук1ин лъан, жиндир божи, хьул, х1инкъи ва х1ели ва дуг1а гьабун гьари, цох1о Аллагьасде буссинабурав чи, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул гьавиялда божи буго ва гьев чи дунял-ахираталда вит1ун ккаравги вуго. Амма гьазул цонигияб Аллагьтун бат1ияб жоялда бусине гьаби, гьеб буго инсан к1удияб ширкалда яги гьит1инаб ширкалда кколебжо. Ширк буго бищунго к1удияб мунагь, Аллагьас жибги чуруларeб гьеб мунагьалда гьев чи хвани, тавбоги гьабич1ого.

Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги жив разияб г1амал гьабизе.

وَلَا تَكُونُوا۟ كَٱلَّذِينَ تَفَرَّقُوا۟ وَٱخْتَلَفُوا۟ مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ ٱلْبَيِّنَٰتُ ۚ وَأُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٠٥﴾

**105. Нуж рук1унге, я Мух1аммадил صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ умматалъул муъминзаби, х1акъаб диналъул х1ужжаби ва г1аламатал рач1ун хадур жидерго напсалда ва щайт1аналда нахърилълъун диналъулъ хилиплъарал ва рикьарал ягьудиязда ва насраниязда релълъун. Гьел диналъулъ хилиплъулел ва напсазе бокьараб жо гьабун хьвадулел г1адамазе ахираталда ц1акъ к1удияб г1азаб бук1ине буго.**

Диналъулъ хилиплъи абураб раг1иялдаса мурад буго иман лъезе т1адал жалазулъ хилиплъи: Аллагьасда, малаикзабазда, т1ахьазда, русулазда, ахираталда ва гьелда релълъарал умурал. Ва диналъул

аслабазулъ хилиплъиги: как, к1ал, закат, х1аж г1адал жалазулъ. Шарг1алъул масъалабазулъ бугеб имамзабазул ва г1алимзабазул хилиплъи, гьеб буго умматалъе бугеб бигьалъи ва гьелда диналъулъ хилиплъи абуларо.

يَوْمَ تَبْيَضُّ وُجُوهٌ وَتَسْوَدُّ وُجُوهٌ فَأَمَّا الَّذِينَ اسْوَدَّتْ وُجُوهُهُمْ أَكَفَرْتُم بَعْدَ إِيمَانِكُمْ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنتُمْ تَكْفُرُونَ ﴿١٠٦﴾

**106. Гьеб ахиратги муъминзабазул гьурмал хъах1лъун, гвангъун рук1унеб къо буго.** Иманалъул ва Аллагьасе гьабураб г1ибадаталъул нуралдалъун. **Капураб къавмалъул гьурмал ч1ег1ерлъун рук1унеб къоги буго.** Купру-ширкалъул ва нифакъалъул мунагьазул бец1лъиялдалъун. Гьурмал ч1ег1ерлъун ругеб къавмалда Аллагьас бадибч1вай гьабун абула: **«Нужехъе х1акъаб диналъул мух1канал далилал рач1ун иман лъезе рес бук1аго, гьелда инкар ккун купруялдайищ нуж ч1арал?»** – абун.

Цо г1алимзабаз абуна гьаб аят мунапикъазул х1акъалъулъ бугин абун: иман лъун хадуб жал купруялда руссарал, муртадлъарал. Цинги Аллагьас гьезда абула: **«Гьанже нужеца жужах1алъул г1азаб ч1аме,** кванай, ай гьеб г1азабалъулъ даимлъе нуж **нужеца гьабураб купру-ширкалде данде»** – абун.

وَأَمَّا الَّذِينَ ابْيَضَّتْ وُجُوهُهُمْ فَفِي رَحْمَةِ اللَّهِ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿١٠٧﴾

**107. Ва амма жудер гьурмал иманалъул ва г1ибадаталъул нуралдалъун гвангъарал г1адамал, гьал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рах1маталъулъ рук1уна:** ниг1матазул, рах1ат-х1алхьиялъул рукъалъун бугеб алжаналда рук1уна **ва гьел даимго ниг1матазулъ ва Аллагьасул рах1маталъулъ рук1уна.**

تِلْكَ آيَاتُ اللَّهِ نَتْلُوهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ وَمَا اللَّهُ يُرِيدُ ظُلْمًا لِّلْعَالَمِينَ ﴿١٠٨﴾

**108. Гьал Къуръаналъул аятал руго Мух1аммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **дуе ц1алулел ва жидеца х1акъаб жоги бицунел. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзадерие къварилъи, зулму бокьулев гьеч1о.**

Гьезухъе аварагзаби рит1ун, т1ахьал рещт1изарун гьел х1акъаб нухда т1орит1улев вуго, ва амма г1адамал жалго руго жидер напсазе зулму гьабулел куфру-ширкалдалъун ва х1арамаб жо гьабун.

وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ﴿١٠٩﴾

**109. Т1адег1анав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мулк ва милк буго киналго зобал- ракьалги, гьезда жаниб бугеб махлукъатги. Ва гьев**

**Аллагьасде буго кинабго жоялъул буссин,** гьев кинабго жоялъул тадбир гьабулев вуго.

كُنتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرِجَتْ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَتَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنكَرِ وَتُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ ۗ وَلَوْ آمَنَ أَهْلُ الْكِتَابِ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُم ۚ مِّنْهُمُ الْمُؤْمِنُونَ وَأَكْثَرُهُمُ الْفَاسِقُونَ ﴿١١٠﴾

**110. Нуж руго, я Мух1аммадил** ﷺ **умматалъул муъминзаби, кинабго халкъалъе маслах1аталъе ва лъик1лъиялъе Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **бахъизабураб,** бижизабураб **уммат. Г1адамазда лъик1аб жо гьабиялдалъун амру гьабулел, квешаб жо те абун нагьюги гьабулел ва Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъун гьесул кинабго амру-нагьюги т1убазабулел.**

**Китабияб агьлуялъ Мух1аммад** ﷺ **аварагасда иман лъолебани гьезие лъик1 бук1илаан.** Амма китабияз иман лъолеб гьеч1о ах1макъаб ч1ух1и гьабун. **Дагьалго г1адамал руго жидеца иман лъурал ва китабиязул г1емерисеб халкъ купру-ширкалда ч1араб, пасикъаб халкъ буго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг хира гьавун вижарав вук1иналъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул умматги хира гьабуна. Аллагьас хира гьаруразда гьоркьор ккезе бокьани гьелъие шарт1 буго нилъалъ рук1ин Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло, Аллагь разилъи т1алаб гьабун г1умру гьабулел. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъалъ жиндие г1оло рижараб сабаб буго Аллагь цо вук1ин лъан, гьесие бац1ц1адаб г1ибадат гьаби. Гьелда т1орит1ел гьабулеб Къуръаналъул аятги буго: <u>«Дица женалги г1адамалги рижич1о цох1о дие г1ибадат гьабизе гурони»</u> – абураб. Сурату Ззарият (56 аят)

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умарасх1абасги абуна: «Нуж умматазул лъик1аллъун рук1ине бокьун батани, нужеца гьелъул шарт1 т1убазабе» – абун. Гьеб шарт1 буго лъик1алдалъун амру гьабулел ва квешалдаса нагью гьабулел рук1ин. Гьаб шарт1алъеги шарт1 буго жинца амру-нагью гьабулевги Аллагьасул амруялда нахъвилълъарав вук1ин ва Аллагьас нагью гьабураб жо тарав вук1ин.

لَن يَضُرُّوكُمْ إِلَّا أَذًى ۖ وَإِن يُقَاتِلُوكُمْ يُوَلُّوكُمُ الْأَدْبَارَ ثُمَّ لَا يُنصَرُونَ ﴿١١١﴾

**111. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеч1еб къавмалъ муъминзабазе зарал гьабуларо жидер мац1аздалъун рогьоб бан, бугьтан лъун гурони. Нужеда рагъ базе абун данде рахъани, цингиги гьел х1инкъун, мугъ**

**рехун т1урун уна ва гьезие Аллагьас квербакъи гьабуларо** муъминзабазда данде рагъ гьабизе.

**112. Аллагьасда иман лъеч1еб къавмалда т1ад кидаго г1одобег1анлъи, х1акъирлъи бук1ине х1укму-къадар гьабун буго, кире гьел ругониги. Ва гьезие божилъи, х1алхьиги бук1уларо Алагьасулгун** جَلَّجَلَالُهُ **божилъи гьабун гурони ва муъминзабазда аман гьарун, гьез божилъи гьабун тани гурони. Жидеда Аллагьасул ццин бахъи т1ад ч1арал руго гьел капурал,** хасго ягьудиял, **Аллагьас мискинлъи, пакъирлъи жидер сипатлъун гьабуралги руго.**

ضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ ٱلذِّلَّةُ أَيْنَ مَا ثُقِفُوٓا۟ إِلَّا بِحَبْلٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَحَبْلٍ مِّنَ ٱلنَّاسِ وَبَآءُو بِغَضَبٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ ٱلْمَسْكَنَةُ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانُوا۟ يَكْفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَيَقْتُلُونَ ٱلْأَنۢبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ ۚ ذَٰلِكَ بِمَا عَصَوا۟ وَّكَانُوا۟ يَعْتَدُونَ ﴿١١٢﴾

Киг1ан дунялалъул боц1и данде бак1араниги жидее г1оларел, жал х1алхьоларел руго.

Гьединаб г1одобег1анлъи, х1акъирлъи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къадар гьабиялъе г1илла буго: **ягьудиял рук1ин жидехъе х1акъав авараг вач1араб мехалъ ва Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел, гьесда иман лъун, аварагасда нахърилълъин т1ад гьабулел далилалги рач1араб мехалъ, жидеца гьезда инкар кколел ва щибго г1илла гьеч1ого аварагзабиги ч1валел. Гьеб г1одобег1анлъи гьезие х1акълъана Аллагьасда г1ассилъиялдалъун ва г1орхъолъан рорч1арал к1удиял мунагьал гьариялдалъун.**

**113. Киналго китабиял бащад гьеч1о жидер иманалъулъ ва купруялъулъ. Китабиязул цо къокъа буго Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **диналда рит1ун ч1арал. Жидеца сардилъ т1аде рахъун Аллагьасул каламги ц1алулел, ва гьесие какалги ралел.**

۞ لَيْسُوا۟ سَوَآءً ۗ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ أُمَّةٌ قَآئِمَةٌ يَتْلُونَ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ ءَانَآءَ ٱلَّيْلِ وَهُمْ يَسْجُدُونَ ﴿١١٣﴾

**114. Гьел китабиял руго жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ва ахир къиямасеб къоялдаги иман лъурал, х1акъаб жоялдалъун амру гьабулел ва мункараб жоялдаса нахъеги ч1валел. Щибго нахъ бахъич1ого, хехлъи гьабун, лъик1ал г1амалалги гьарулел. Гьал китабиял руго жал лъик1ал**

يُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَيَأْمُرُونَ بِٱلْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَيُسَٰرِعُونَ فِى ٱلْخَيْرَٰتِ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿١١٤﴾

**г1адамаздаса ругел.**

وَمَا يَفْعَلُوا۟ مِنْ خَيْرٍ فَلَن يُكْفَرُوهُ ۗ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِٱلْمُتَّقِينَ ﴿١١٥﴾

**115. Нужеца щиб лъик1аб г1амал гьабуниги, гьеб Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аск1об г1адада холаро ва гьелъул кири-ажро нужее щола,** **х1акълъунго Аллагь жинда лъалев вуго х1акъикъиял муъминзаби ва жиндаса х1инкъун г1ибадат гьабулел г1адамалги.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَن تُغْنِىَ عَنْهُمْ أَمْوَٰلُهُمْ
وَلَآ أَوْلَٰدُهُم مِّنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ
أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۚ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿١١٦﴾

**116. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва гьесул диналда инкар ккурал,** аварагасда нахърилълъинеги ч1ух1арал,- **гьал г1адамазе гьезул лъималаз ва бечелъиялъ щибго г1ей гьабизе гьеч1о Аллагьасда аск1об,** гьезие г1азаб гьаби х1акълъараб мехалъ. **Гьал г1адамал руго жужах1алъул агьлулъун ругел ва даимго гьеб жужах1алда рук1унелги руго.**

مَثَلُ مَا يُنفِقُونَ فِى هَٰذِهِ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا
كَمَثَلِ رِيحٍ فِيهَا صِرٌّ أَصَابَتْ حَرْثَ قَوْمٍ
ظَلَمُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ فَأَهْلَكَتْهُ ۚ وَمَا
ظَلَمَهُمُ ٱللَّهُ وَلَٰكِنْ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿١١٧﴾

**117. Дунялалъул рецц бокьун, г1адамазе берцин вихьи бокьун напакъаде кьураб боц1иялъул мисал буго гучаб гьуриялда рельлъун, жинда цадахъ ц1ик1к1араб квачги бугеб. Цинги гьеб гьури т1аде щвараб Аллагьасда г1асиял зулмучаг1азул ах-хуралда ва жинца гьеб гьалаг гьабураб ва гьелдаса щибго мунпаг1ат босизе рес рекъеч1еб.**

Гьединаб мисал буго капуразулги: гьез гьабураб лъик1аб г1амал г1адада хвезабула жудер купруялъ ва Аллагьасда г1асиялъиялъ. **Гьал ах-хур гьуриялъ хвезабурал г1адамазе Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **щибго зулму гьабич1о. Гьеб буго гьезул напсаз квешаб г1амал гьабун жидеего гьабураб зулму.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَتَّخِذُوا۟ بِطَانَةً مِّن
دُونِكُمْ لَا يَأْلُونَكُمْ خَبَالًا وَدُّوا۟ مَا عَنِتُّمْ
قَدْ بَدَتِ ٱلْبَغْضَآءُ مِنْ أَفْوَٰهِهِمْ
وَمَا تُخْفِى صُدُورُهُمْ أَكْبَرُ ۚ قَدْ بَيَّنَّا لَكُمُ
ٱلْءَايَٰتِ ۖ إِن كُنتُمْ تَعْقِلُونَ ﴿١١٨﴾

**118. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца рек1ел гьудулзабилъун ккоге нужер диналда гьеч1ел г1адамал ва гьединго мунапикъзабиги.** Гьезда нужер рак1азда бугеб жоги бицунге, муъминзабиги дорег1ан гьарун гьал мушрикал ва мунапикъал рокьарал авлияаллъун гьаруге. **Гьел г1адамал кидаго нужее къварилъи гьабизе ургъулел рук1уна ва гьезие бокьула нужеде квешаб, рихунеб жо т1аде бач1ине ва**

**гьелдаса гьел ц1акъ рохула. Нужедехун бугеб тущманлъи гьезул мац1алдаса загьирлъулеб буго ва гьелъ т1орит1ел гьабула гьезул рак1азулъ тущманлъи бук1иналда.** **Ва амма гьезул рек1елъ бугеб тущманлъи ва нужее къварилъи-зарал лъугьизе бокьи г1емерго ц1ик1к1араб буго, мац1алъ бицун нужее загьирлъаралдаса.**

**Гьадин мух1кан гьабун бицун дица нужее баян гьабулеб буго Аллагьасе ﷻ дин бац1ц1ад гьабизе ккей.** Муъминзаби рокьизе ккей, капурзаби ва мунафикъал рик1к1ад гьаризе ккей ва гьел нужер х1акъикъиял тущбаби рук1инги. **Нуж г1акъло бугел ва квешаб-лъик1аб жо бич1ч1унеллъун ратани,** нужеца гьаб ваг1за босе ва гьалда нахърилълъа!

هَٰٓأَنتُمۡ أُوْلَآءِ تُحِبُّونَهُمۡ وَلَا يُحِبُّونَكُمۡ
وَتُؤۡمِنُونَ بِٱلۡكِتَٰبِ كُلِّهِۦ وَإِذَا لَقُوكُمۡ قَالُوٓاْ
ءَامَنَّا وَإِذَا خَلَوۡاْ عَضُّواْ عَلَيۡكُمُ ٱلۡأَنَامِلَ
مِنَ ٱلۡغَيۡظِۚ قُلۡ مُوتُواْ بِغَيۡظِكُمۡۗ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمُۢ
بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ١١٩

**119. Нуж кант1е, я гьал муъминзаби, нуж мекъса ккола нужее мунапикъал ва купро-ширкалъул агьлу бокьиялъулъ, гьезие нужги рокьун гьеч1еб х1алалъ.**

Нужее бокьун буго гьезие лъик1лъи лъугьине, амма дозул мурад буго нужее квешлъи ва зарал лъугьин. **Нуж божулел руго киналго Аллагьас ﷻ рещт1изарурал т1ахьазда,** амма дозул нужеда ццин бахъулеб буго ва нужер Къуръаналдаса щибго жоялде божулел гьеч1о. Гьаб иш гьадин бук1инги лъалаго щай нужее гьел мушрикал ва мунафикъал рокьулел?

**Нужеда данде ч1вараб мехалъ мунафикъаз абулеб буго нижги Аллагьасда ва аварагасда иман лъурал ругин абун. Цинги нужедаса рат1алъарабго гьез, нужеда ццин бахъун ва нуж рихун, килщал х1анч1улел руго**. Бищунго гьезие зах1матаб жо буго муъминзаби цоцазде рекъон рук1ин ва гьезул цоцалъ рокьи ва вацлъи бук1ин.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нуж ццин бахъун хвайин абун:** ай хвезег1ан гьедин хут1аги нуж ццин бахъун ва рак1 унтун. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго кинавго чиясул рак1азда жаниб бугеб иманги купроги** ва щивасе мустах1икъаб жазаъ гьабулевги вуго.

إِن تَمۡسَسۡكُمۡ حَسَنَةٞ تَسُؤۡهُمۡ وَإِن تُصِبۡكُمۡ
سَيِّئَةٞ يَفۡرَحُواْ بِهَاۖ وَإِن تَصۡبِرُواْ وَتَتَّقُواْ
لَا يَضُرُّكُمۡ كَيۡدُهُمۡ شَيۡـًٔاۗ إِنَّ ٱللَّهَ بِمَا
يَعۡمَلُونَ مُحِيطٞ ١٢٠

**120. Нужее цо лъик1лъи щвани гьеб мунапикъазда ц1акъ рихула ва гьел пашманлъула. Амма нужеда цо къварилъи щвани гьел ц1акъ рохула. Нужеца** Аллагьасул ﷻ рахъалъан бач1араб къварилъиялда

ва мунапикъазул заралалда **сабро гьабуни** ва нужер рагlабазулъ, пишабазулъ **Аллагьасдаса х1инкъун, гьев разилъи т1алаб гьабун нуж хьвадани, гьел мунапикъазул макруялъ ва х1алхъублъиялъ нужее щибго зарал гьабуларо**.

**Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьел мунапикъаца хьвадизабулеб г1амал жинда лъалев вуго.** Гьезие ва гьезда сверун лъугьаразе мустах1икъаб жазаъ гьабулевги вуго: дунялалъул рокъоб гьезул макруялдаса нужги ц1унула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, ахираталда жидер хъубал пишабазе г1оло гьезие г1азабги гьабула.

**121. Дуца рак1алде щвезабе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, мун дур агьлуялдаса радал хехго вахъун Ух1удалда рагь гьабизе араб заман, ва асх1абзаби тушманасда рагъ гьабизе х1адурлъи гьабун жиде-жидер бак1азда ч1езарулев мун вук1араб заманги. Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца бицунеб жо раг1улев ва гьабулеб пиша лъалев вуго.**

وَإِذْ غَدَوْتَ مِنْ أَهْلِكَ تُبَوِّئُ ٱلْمُؤْمِنِينَ مَقَٰعِدَ لِلْقِتَالِ ۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٢١﴾

**122. Цинги нужедаса цо-к1иго къокъаялъул рек1елъ х1инкъи рехун, гьел Ух1уд мег1ер тун нахъе иналда г1агарлъун рук1араб г1ужги рак1алде щва.** Гьаб к1иго къокъа буго «Банусалмат» ва «Банух1арисат» абулеб.

إِذْ هَمَّت طَّآئِفَتَانِ مِنكُمْ أَن تَفْشَلَا وَٱللَّهُ وَلِيُّهُمَا ۗ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُؤْمِنُونَ ﴿١٢٢﴾

Г1абдуллагь ибну Убаю абулев мунафикъас рагъ байбихьилелде цебе бусурбабазул аскаразда гьоркьоб х1иллаяб хабар т1ибит1изабуна: мушриказул лъабазарго чиясде данде кин нилъ рагъулел ва нилъги нилъер лъималги щиб жоялъе г1оло хвезе кколел абун. Азарго чи гурони гьеч1еб муъминзабазул аскаралъул лъабнусго г1адав чиги вачун нахъе ана гьев мунафикъ.

Цинги ансаразул гьаб к1иго кьибилалъул асх1абзабиги нахъе иналда г1агарлъун рук1ана. Кинниги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул рак1азе къвак1и ва сабро кьуна ва рагъул майданалда ч1ана. Гьезул х1акъалъулъ Аллагьас абулеб буго:

**Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго гьеб к1иго къокъаялъе квер бакъулев ва гьезул умуразул тадбир гьабулев. Киналго муъминзабаца таваккал Аллагьасда т1аме гьезул киналго ишазулъ,** Аллагьас жидее квербакъизе бокьун бугони.

**123. Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее квербакъана Бадроялда рагъ бугеб мехалъги ва нуж гьенирги дагьал**

وَلَقَدْ نَصَرَكُمُ ٱللَّهُ بِبَدْرٍ وَأَنتُمْ أَذِلَّةٌ ۖ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٢٣﴾

**рук1ана тущманасул бояздаса.**

Ярагъги къадараб бук1ана, къуватги дагь бук1ана. Бадроялда рагъулъ г1ахьаллъана лъабнусиялда анц1ила лъабго асх1аб. Къурайшиязул вук1ана азарго г1анасев чи, гъездаса нусго рек1арав вук1ана, ва лъик1аб ярагъги бук1ана.

Нужеда лъай рагъулъ бергьенлъи Аллагьасул квер бакъиялдалъун бук1унеблъи ва нужер ярагъалдалъун, яги г1адамал г1емерлъиялдалъун бук1унареблъи. **Гьаб амру гьадин бугелъул, нужеца Аллагьасе** ﷻ **щукру гьабе нужее бугеб ниг1маталда ва гьесдаса х1инкъа рагъдаса мугъ базе ва лъутун ине.**

إِذْ تَقُولُ لِلْمُؤْمِنِينَ أَلَن يَكْفِيَكُمْ أَن يُمِدَّكُمْ رَبُّكُم بِثَلَٰثَةِ ءَالَٰفٍ مِّنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ مُنزَلِينَ ﴿١٢٤﴾

**124. Дуца муъминзабазда абураб г1ужги рак1алде щвезабе Мух1аммад** ﷺ**, гьезул рек1ел гьеялъе ва х1инкъи т1аса ине: «нужее г1еларищ бет1ергьан Аллагьас** ﷻ **лъабазарго малаик рещт1ине гьави нужее кумек гьабизе» – абун.**

بَلَىٰٓ ۚ إِن تَصْبِرُوا۟ وَتَتَّقُوا۟ وَيَأْتُوكُم مِّن فَوْرِهِمْ هَٰذَا يُمْدِدْكُمْ رَبُّكُم بِخَمْسَةِ ءَالَٰفٍ مِّنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ مُسَوِّمِينَ ﴿١٢٥﴾

**125. Аллагьасул къот1и бит1араб буго: нужеца рагъда сабру гьабуни ва нуж Аллагьасдасаги х1инкъани, ва нужеда т1аде гьабсаг1ат тущбабазул боялги рач1ани, Аллагьас** ﷻ **нужее жегиги ц1ик1к1ун квербакъи гьабила – щуазарго малаик вит1ила жидер ярагъ лебалал ва рагъуе гьунар бугел.**

وَمَا جَعَلَهُ ٱللَّهُ إِلَّا بُشْرَىٰ لَكُمْ وَلِتَطْمَئِنَّ قُلُوبُكُم بِهِۦ ۗ وَمَا ٱلنَّصْرُ إِلَّا مِنْ عِندِ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَكِيمِ ﴿١٢٦﴾

**126. Т1адег1анав Аллагьас** ﷻ **гьаб кумек нужее гьабич1о нужее рохел бицун гурони: нуж рагъда ч1езе ва лъутунгут1изе.**

Тущманасул боял г1емерал ругониги рак1 парахат гьабун ва х1алхьон рук1ине. **Ва амма рагъулъ квербакъи, жиндир гуч бергьарав ва жиндир тадбиразулъ х1акимияв Аллагьасдалъун гурони гьеч1о.** Нужеда рак1алде ккоге нуж г1емерал рук1ун, яги малаикзабаз кумек гьабун нуж бергьина абун.

لِيَقْطَعَ طَرَفًا مِّنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَوْ يَكْبِتَهُمْ فَيَنقَلِبُوا۟ خَآئِبِينَ ﴿١٢٧﴾

127. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьаб тадбир гьабуна: (нуж рагъде рахъинари ва нужее квербакъи гьабиги) **Аллагьасде инкар ккурал г1адамазул цо къокъа гьалаг гьабизе г1оло, гьезул г1емерисел ч1ван, асир гьарун ва мушриказул мугъч1вайлъун бугеб цо къуват хвезабизе:** гьеб

къуватги къурайшиязул боял руго. **Ва гьел мушрикал рагъда къезарун, лъутизарун, гьезул ццин бахъизабизе ва мурадазда щвеч1ого, ч1орого хут1араллъун гьаризеги.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мушриказе гьединаб инжитаб къей гьабуна Бадроялда рагъ ккараб мехалъ: гьезул лъабкъоялда анц1го ц1ар бугел церехъаби ч1вана ва гьедиг1анго асирги гьаруна. Гьеб рагъулъ т1адег1анав Аллагьас ислам т1адег1ан гьабуна ва ширкги мушрикалги г1одорег1ан гьаруна ва рагъулъ квербакъи Аллагьасдалъун бук1ин мух1канго бихьизабуна.

لَيْسَ لَكَ مِنَ الْأَمْرِ شَيْءٌ أَوْ يَتُوبَ عَلَيْهِمْ أَوْ يُعَذِّبَهُمْ فَإِنَّهُمْ ظَالِمُونَ ﴿١٢٨﴾

**128.** Ух1удалда рагъ гьабулаго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул цо ца бекизабуна ва гьесул гьумералда ругъун щвана. Лъавудаса ун г1одов ккезе г1агарлъана хирияв авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьес абуна: *«Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *х1акъаб диналда жал ах1улев аварагасе гьаб къварилъи гьабураб къавмалде лъик1аб къо бихьилищ?»* – абун. Х1адис имам Бухарияс бицана. Цинги Аллагьас гьаб аяталъул авалалда бугеб раг1и рещт1ине гьабуна:

**«Дуда кодоб ва дур ихтиялалда щибго жо гьеч1о Мух1аммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**! Лагъзадерил тадбир гьаби Аллагьасул амру буго, дуда т1адаб жо буго гьеб халкъ Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналде ах1и. Мушриказул исламалда рач1арал г1адамал Аллагьасе бокьани тавбо къабул гьабун т1аса лъугьун тела.** Исламалда рач1инч1ого ч1арал капурзабазе г1азаб гьабила ва жал гьалаг гьарила. **Гьезие г1азаб гьаби х1акълъун бугелъул гьезул зулмуялда данде жазаълъун.**

وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ يَغْفِرُ لِمَنْ يَشَاءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَشَاءُ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١٢٩﴾

**129. Т1адег1анав Аллагьасул мулк буго зобал ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъат. Аллагьас жиндие бокьарав чиясул мунагьал чурула,** гьев тавбо гьабиялда гьесизавун **ва жиндие бокьарав чиясе г1азабги гьабула** гьев купру-ширкалда тун ва гьеб г1амалалда хвезеги гьавун. **Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабазда гурх1улев вуго.**

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَأْكُلُوا الرِّبَا أَضْعَافًا مُضَاعَفَةً وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿١٣٠﴾

**130. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца риба гьабун х1арамаб боц1и кванаге щибаб мехалъ рибаялъул къадарги т1аде ц1ик1изабун. Нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъа жагьилияб**

**заманалъ бук1араб, шарг1алда данде кколареб г1амал гьабизе. Нужеде хьул буго Аллагьасда мут1иг1лъун х1арамаб жо тани гьес хира гьарурал, бахьибугел г1адамаллъун нуж рук1инин абун.**

Г1арабиязул г1адат бук1ана цо чияс налъи кьезе мех щварабго гьесда абулеб: «Дир налъи кье, яги т1аде налъиги ц1ик1к1изабун заманги халат гьабун тела»- абун. Налъи кьезе рес гьеч1ев чи гьеб х1арамаб шарт1алда разилъизе кколаан ва гьадин, щибаб мехалъ т1аде ц1ик1к1изабун, к1удияб налъиялде гъоркье кколаан. Гьаб х1арамаб пиша гьабугеян муъминзабазда лъазабун рещт1изабуна гьаб аят.

Рибаялъул киналго къаг1идаби х1арамал руго ва риба лъугьин мурадалда гьабулеб х1иллаги х1арамаб буго. Риба абураб раг1иялъул маг1на буго т1аде жо ц1ик1к1ин, дагьаб жо г1емерлъи. Шарг1алда риба буго цо чияс цогидасухъе боц1и кьей, гьеб боц1и т1аде жо лъун, ц1ик1к1изабун нахъ буссинаби шарт1 гьабун. Гьадинаб мурадалда боц1и кьей ва боси к1иябго х1арамаб буго. Гьалда гьоркьобе уна гьаб заманаялъ банкалдаса къарзалъе г1арац босиги, т1аде процентал лъун нахъе кьезелъун.

وَٱتَّقُوا۟ ٱلنَّارَ ٱلَّتِىٓ أُعِدَّتْ لِلْكَٰفِرِينَ ١٣١

**131. Нуж х1инкъа муъминзаби, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **капураб къавмалъе къач1ан, х1адурун бугеб жужах1алда кколеб г1амал гьабизе.**

وَأَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ١٣٢

**132. Нуж Аллагьасдаги гьесул аварагасадаги мут1иг1лъе ва шарг1алда рекъараб г1амал гьабун хьваде. Гьедин нуж хьвадани Аллагь нужеда гурх1ула ва нужее лъик1аб ахиратги бук1уна.**

۞ وَسَارِعُوٓا۟ إِلَىٰ مَغْفِرَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلْأَرْضُ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ ١٣٣

**133. Нужеца хехлъи гьабе я гьал муъминзаби, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужер мунагьал чурулел ва гьев нужеда гурх1улел лъик1ал г1амалал гьариялда.** Ва алжаналде нуж лъугьунеб г1амал гьабизеги, **жиндир г1ат1илъи ва к1одолъи зобал-ракьал т1ирит1ун г1одор лъуниги гьездасаги к1удияб, ва Аллагьасдаса х1инкъарал г1адамазе х1адурун бугеб.**

ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ فِى ٱلسَّرَّآءِ وَٱلضَّرَّآءِ وَٱلْكَٰظِمِينَ ٱلْغَيْظَ وَٱلْعَافِينَ عَنِ ٱلنَّاسِ ۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ١٣٤

**134.** Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъарал г1адамал руго **жидеца Аллагь разилъи т1алаб гьабун напакъа ва садакъа кьолел, жал рес-мах1алда ругониги,**

**мискинго ругониги,** цо къварилъиялда ругониги, рах1атлазаталда ругониги. **Ва Аллагьасе г1оло ццим къунч1улел,** ццидае бокьараб гьабун г1адамаздаса рец1ел босуларел. **Жудее къварилъи, зарал гьабурал г1адамалги т1аса лъугьун толел.** Х1акълъунго **Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие лъик1ал г1адамал рокьулев вуго.** Аллагьасул лагъзадерие лъик1лъи гьабулел г1адамал руго гьел, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рокьулел, лъик1ал г1адамал.

Гьаб хирияб аяталда жаниб муъминзаби цоцазда гурх1ел-рах1му бугел рук1изе ккей бицунеб буго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъик1аллъун рик1к1ун руго жидеца цогидазе лъик1лъи гьабулел г1адамал. Гьалъул х1асилги бук1уна г1адамазда гурх1уларел, жидеца гьезие лъик1лъиги гьабуларел г1адамал лъик1ал чаг1и гьеч1ин абураб.

Цо х1адисалда буго: *«Т1адег1анав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *абула: я дир лагъ, дур ццин бахъараб мехалъ дуда дун рак1алде щва. Дир ццин бахъараб мехалъ дида мунги рак1алде щвезе вуго ва г1азаб гьабизе х1акълъарал г1адамазе г1азаб гьабулеб мехалъ дица мун хвасар гьавизе вуго» – абун.* Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

Жинда Алагь разилъаяв Абугьурайратидасан бицараб х1адисалда буго: Алагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*«Нужер гучав, къуватав чи гьеч1о жив реч1ахъун бергьунев чи. Х1акъикъияв гучав ва къуватав чи вуго жиндир ццин бахъараб мехалъ гьеб ццин гьукъизе к1олев ва жиндир напсалда т1ад ихтияр гьабулев чи» - абун.* Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Масг1удидасанги х1адис бицана: Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна:

*«Нужер щив вугев нужерго боц1и ц1ик1к1ун бокьулев нужер ирс босулесул боц1иялдаса?» – абун. Нижеца абуна: «Я расулуллагь* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ*! Ниж киназего нижерго боц1и ц1ик1к1ун бокьула» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «нужеда лъай, нуж киналго руго нужер ирс босулесул боц1и нужее бокьулеллъун. Дур боц1и буго мун ч1аго вук1ун Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *нухда кьураб жо. Дуца нахъе тараб жо кинабго варисасул боц1и буго» – абун.* Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Ай инсанас жиндир боц1илъун рик1к1уна жинца данде гьабун, нахъе ц1унун бугеб боц1и, амма х1акъикъаталда гьеб буго варисзабазул боц1и.

Цоги х1адисалда буго: *«Жиндир ццин т1убазе ресги бук1аго гьеб ццим бахчарав чиясул Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *рак1 иманалъул ц1езабула ва божилъиялъулги ц1езабула»* – абун, ай гьев божаравлъун гьавула

цогидаз жиндие зарал гьабиялдаса. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Цоги х1адисалда буго: *«Лъабго жо буго дун жидее гъоркье ч1олеб* (дун гьедун дица бицунеб):

*Садакъаде кьунин абун боц1и дагьлъуларо.*

*Г1адамаздаса т1аса лъугьарав чи Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *т1адег1ан гьавула. Аллагьасе х1еларав, г1одовег1анлъарав чи Аллагьас т1адег1ан гьавула» – абун.* Х1адис имам Муслимица бицана.

Цоги х1адисалда буго: *«Жив г1адамазда гурх1ун гьездаса т1аса лъугьарав кинавго муъминчи алжаналда лъугьизе вуго»* абун.

Аллагьас нилъ г1адамазе лъик1лъи гьабулел лъик1ал г1адамаздаса гьареги.

وَٱلَّذِينَ إِذَا فَعَلُواْ فَٰحِشَةً أَوْ ظَلَمُوٓاْ أَنفُسَهُمْ ذَكَرُواْ ٱللَّهَ فَٱسْتَغْفَرُواْ لِذُنُوبِهِمْ وَمَن يَغْفِرُ ٱلذُّنُوبَ إِلَّا ٱللَّهُ وَلَمْ يُصِرُّواْ عَلَىٰ مَا فَعَلُواْ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿١٣٥﴾

135. Гьединго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъарал г1адамал руго, **жидеца цо квешаб г1амал гьабураб мехалъ ва гьелдалъун жидер напсал мунагьалде ккараб мехалъ, жидеда Аллагь рак1алде щолел ва тавбо гьабун Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **т1аса лъугьин т1алаб гьабулел. Жив т1аса лъугьунев ва жинца мунагьал чурулев Аллагь гурев цоги щивго гьеч1о.**

**Гьел муъминзаби мунагь гьабиялда т1ад ч1оларо ва жудеда гьеб г1амал къабих1аб, х1арамаб бук1ин лъараб мехалъ гьелдаса тавбо гьабун руссуна** ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ т1аса лъугьин, мунагьал рахчи гьарула.

Т1адег1анав Аллагь жив гурх1улев, жинца мунагьал чурулев вуго ва лагъзадерил мунагьал, г1асилъаби киг1анго к1удиял ругониги, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурх1ел ва ц1об-рах1мат г1орхъи гьеч1еб, нахъаса къот1и гьеч1еб буго. Мунагьал гьарурав чи Аллагьасул гурх1елалдаса хьул къот1ун ч1еч1ого, Аллагьасда х1елун, жиндир мунагьазда рек1екълъун ва т1ок1аб мунагь гьабиларо абун Аллагьасда вуссараб мехалъ, Бет1ергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьев лагъасдаса т1асаги лъугьула ва жегиги гьесул квешал г1амалал лъик1аллъун, гьесие ахираталда кири щолеллъун хъвала.

أُوْلَٰٓئِكَ جَزَآؤُهُم مَّغْفِرَةٌ مِّن رَّبِّهِمْ وَجَنَّٰتٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا وَنِعْمَ أَجْرُ ٱلْعَٰمِلِينَ ﴿١٣٦﴾

136. **Гьал церехун рицарал муъминзаби руго жидее Аллагьасул рахъалъан бугеб жазаъ мунагьал рахчи бугел ва жидее ахираталда алжаналги ругел, гьезда жаниса бат1и-бат1иял**

**ниг1матазул г1орал чвахулел ва жал даимго рук1инелъун гьел алжаназулъ лъугьизарулел. Аллагь-авараг разилъи т1алаб гьабун, ахираталда иман лъун, шарг1алда рекъон г1амал гьабун хьвадарал г1адамазе бугеб ц1акъ лъик1аб жазаъ буго гьаб алжан.**

قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِكُمْ سُنَنٌ فَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَٱنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُكَذِّبِينَ ﴿١٣٧﴾

**137. Х1акълъунго нужеда цере рук1арал умматазул асар ва нух нужеда лъалеб буго. жидеца Аллагьасул** ﷻ **аварагзабиги, гьез малъараб динги къабул гьабич1еб мехалъ Аллагьас гьел гьалаг гьарун, гьезул асло ва насло т1аг1изабуна. Нуж гьаб ракьалда т1ад хьваде,** нужерго даран базаралъе ва цогидал къвариг1елазе **ва нужеца пикро гьабе ва ваг1за босе гьалаг гьарурал умматазул нахъе хут1арал ч1унтарал росабазул: кинаб ахир бук1араб Аллагьги аварагзабиги гьереси гьарураб къавмалъул.** Бищунго дунялалда рак1 гъураб, гьелда х1алхьараб мехалъ Аллагьас ﷻ гьалаг гьаруна, ва ахираталда гьезие жужах1ги бук1ине буго.

هَٰذَا بَيَانٌ لِّلنَّاسِ وَهُدًى وَمَوْعِظَةٌ لِّلْمُتَّقِينَ ﴿١٣٨﴾

**138. Гьаб хирияб Къуръан жинца г1адамазе кинабго жо баян гьабулеб Аллагьасул** ﷻ **калам буго, ва г1адамал х1акъаб диналда т1орит1улеб нурги буго. Ва Аллагьасдаса х1инкъулел муъминзабазе ваг1за-насих1атги буго.**

وَلَا تَهِنُوا۟ وَلَا تَحْزَنُوا۟ وَأَنتُمُ ٱلْأَعْلَوْنَ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٣٩﴾

**139. Нуж Аллагьасул диналъе г1оло жигьад гьабизе заг1ипаллъун рук1унге ва нужеда къварилъи щванин абун пашманлъун х1акъаб нухдаса нахъе къаге. Х1акълъунго нуж капураздаса бергьине руго ва гьезда т1адги рук1ине руго. Нуж х1акъикъияб иман лъурал ратани гьаб х1укмо нужеда лъай ва нуж жигьад гьабизе х1инкъуге.**

إِن يَمْسَسْكُمْ قَرْحٌ فَقَدْ مَسَّ ٱلْقَوْمَ قَرْحٌ مِّثْلُهُۥ ۚ وَتِلْكَ ٱلْأَيَّامُ نُدَاوِلُهَا بَيْنَ ٱلنَّاسِ وَلِيَعْلَمَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَيَتَّخِذَ مِنكُمْ شُهَدَآءَ ۗ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٤٠﴾

**140. Нужеда ругьнал щун ругони, нужер г1адамалги ч1ван ругони, гьебго жо мушриказеги лъугьана: гьезулги г1адамал ч1вана, гьездаги ругьнал лъуна.** Гьадинаб къаг1ида буго Аллагьасул х1укму-къадар билълъиналъул: **дунялалъул къоял руго цин гьазие бергьенлъи бук1унел, цинги дозие бергьенлъи**

**бук1унел.** Нужееги Аллагьас ﷻ бергьенлъи кьела ва нуж къезеги бегьула.

Гьадин х1албихьун Аллагьас бат1агьарула **унго-унгоял муъминзабиги мунапикъалги. Ва Аллагьас ﷻ жиндие рокьарал муъминзаби гъазаваталда рук1адго шагьидзабилъун гьарула.** Гьеб Аллагьасул к1удияб ниг1мат буго. **Аллагьасе ц1акъ рокьуларо жидеца купру-ширкалдалъун ва нипакъаялдалъун зулму гьабулел г1адамал.** Гьел зулму чаг1аздаса руго Ух1удалде рагъде рач1араб мехалъ гьениса г1адамал нахъе рачарал мунапикъзаби.

وَلِيُمَحِّصَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَيَمْحَقَ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿١٤١﴾

**141. Гьаб цебе рехсараб х1албихьи Алалагьас ﷻ гьабула х1акъикъиял муъминзаби рат1а рахъизе, гьезие ажру-кириги ц1ик1к1ине ва капураб къавмги гьалаг гьабизе.**

Бергьенлъи щвараб мехалъ гьез пасалъи ва ч1ух1и г1емер гьабула ва гьеб сабаблъун жидеда т1ад гьалаг гьариялъе сабабги бач1ула.

أَمْ حَسِبْتُمْ أَن تَدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ وَلَمَّا يَعْلَمِ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ جَٰهَدُوا۟ مِنكُمْ وَيَعْلَمَ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿١٤٢﴾

**142. Нужеда рак1алдейищ кколеб я гьал муъминзаби, нуж алжаналда лъугьинин абун** ва Аллагьас ﷻ нужер х1албихьиги гьабиларин абун, **Аллагьасул нухда гъазават гьабулел, гьеб нухда къварилъи, зах1малъи баччулел, гьелда сабро гьабулел муъминзабиги лъазариларин абун.**

Ат1абари абулев г1алимас абуна: гьаб аяталъул маг1на буго нужеда рак1алде кколеб буго я Мух1аммадил ﷺ асх1абзаби رضي الله عنهم, нужее Аллагьасул хиралъи ва ажру щвелин абун, нужеда Аллагьас рихьизарич1ого гьесул нухалда гъазават гьабулел ва Аллагьасе ﷻ г1оло жидеда щварал къварилъабазда сабру гьабулел г1адамалги.

وَلَقَدْ كُنتُمْ تَمَنَّوْنَ ٱلْمَوْتَ مِن قَبْلِ أَن تَلْقَوْهُ فَقَدْ رَأَيْتُمُوهُ وَأَنتُمْ تَنظُرُونَ ﴿١٤٣﴾

**143. Х1акълъунго нуж рук1ана рагъ гьабизе бокьун ва шагьидлъун рахъизе бокьун, нужеда тущман данде ч1валелде ва рагъул зах1малъи бихьилалде ццерекун. Ва нужеда гьеб хвелги бихьана; нужер вацал ч1валаги бихьана ва нужгоги ч1ваялда г1агарлъун рук1ана.**

Гьаб аят рещт1изабуна рагъдаса нахъе арал г1адамазда г1айиб ч1ван. Гьалъул маг1наги буго. Нуж рукъор г1одор ч1ун ругеб мехалъ гъазаватги, шагьадатги бокьун, гьелда хьул лъун к1алъалел рук1ана. Амма рагъде рач1индал ва шагьадат щвезе ресги лъугьиндал, нуж

рагъул майданалдаса лъутун ана.

وَمَا مُحَمَّدٌ إِلَّا رَسُولٌ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِ الرُّسُلُ أَفَإِين مَّاتَ أَوْ قُتِلَ انقَلَبْتُمْ عَلَىٰ أَعْقَابِكُمْ وَمَن يَنقَلِبْ عَلَىٰ عَقِبَيْهِ فَلَن يَضُرَّ اللَّهَ شَيْئًا وَسَيَجْزِي اللَّهُ الشَّاكِرِينَ ﴿١٤٤﴾

**144.** Гьаб аят рещт1изабуна Ух1удалда щайт1аналъ «Мух1аммад ч1вана» абун ах1идал, ва жинца аварагасул ﷺ гьумералда ругъун гьабурав Ибнукъамиат абулев мушрикас «дица авараг ч1вана»- ян абидал. Гьаб хабаралъ г1емерав чиясулъ щаклъи ва х1инкъи рехана. Мунапикъзабацаги абуна: «Мух1аммад ч1ван ватани нилъ цебесеб диналде руссизе ккела»-абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аят рещт1изабуна:

**Мух1аммад ﷺ гьеч1о Аллагьасул расул гурони. Гьединал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расулал цереги рук1ана.** Гьел расулал цоял ч1ван, цоял унтун хвана ва гьав расулги жив хвезе бегьулев вуго. **Гьав Мух1аммад ﷺ унтун яги ч1ван хвараб мехалъ нуж исламияб динги рехун тун нужерго ширкалдейищха руссине ругел? Гьедин исламияб диналдаса руссарал г1адамаз Аллагьасе щибго зарал гьабуларо:** гьелъул къварилъи, балагь ва ахираталда жужах1алъул г1азабги гьезие (диналдаса руссаразе) бук1ине буго.

**Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ алжаналъул ниг1матаздалъун жазаъ гьабизе буго жидеца гьесул ниг1матазда щукру гьабурал ва щайт1аналъул, мунапикъзабазул хабаралда нахъ рилълъинч1ого Аллагьасул диналъе г1оло рагъулъ ч1ч1арал асх1абзабазе.**

Абунужайх1 رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1абас бицана:

*«Ух1удалда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг лъукъун вук1адго ва г1адамазда гьоркьоб авараг ﷺ ч1ван вуго абураб хабарги бук1адго, цо мугьажиразул асх1аб т1аде щвана жиндир бидул х1оринив г1одов ккун вугев ансариясде. Мугьажирас абуна: «Дуда раг1анищ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ч1ван вуго абураб хабар?» – абун. Цинги ансарияс абуна: «авараг ﷺ ч1ван ватани, гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда т1ад къараб амруги т1убан, нилъехъе динги щвезабун ун вуго. Гьанже нуж рагъе нужер дин ц1унун» – абун.* Х1адис Байгьакъияс бицана.

Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат гьабиялда т1ад ч1ей гьабурал, гьесул диналъе г1оло жал рагъарал, ч1аго вук1адго ва хун хадувги хирияв Мух1аммад ﷺ аварагасда нахъги рилълъарал муъминзаби руго «жудеца щукру гьабулел» абун Аллагьас жудер х1акъалъулъ абурал.

Щукру гьаби абураб раг1иялъул маг1на буго жиндие гьабураб лъик1лъи

лъан, гьелдаса вохун, жиндие лъик1лъи гьабурав чиясе раг1иялдалъун яги г1амалалдалъун жив вохун, разилъун вук1ин бихьизаби.

Нилъеца Аллагьасе ﷻ щукру гьабизе т1адаб бищунго к1удияб ниг1мат буго нилъ гьев лъалел, Мух1аммад ﷺ аварагасда нахърилълъарал умматалдаса гьари. Гьелда хадубги кинабго жо Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб ниг1мат буго: сахлъи, ризкъи, бихьи, раг1и, г1акъло, мац1 лъай ва цогиги г1емерал ниг1матал. Х1атта унтикъварилъиги муъминчиясе ниг1мат буго: гьеб жинда Аллагь рак1алде щвезавулеб, тавбо гьабиялде, г1ибадат ц1ик1к1изабиялде вачунеб сабаб бугелъул.

وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ أَنْ تَمُوتَ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ كِتَابًا مُؤَجَّلًا ۗ وَمَنْ يُرِدْ ثَوَابَ الدُّنْيَا نُؤْتِهِ مِنْهَا وَمَنْ يُرِدْ ثَوَابَ الْآخِرَةِ نُؤْتِهِ مِنْهَا ۚ وَسَنَجْزِي الشَّاكِرِينَ ﴿١٤٥﴾

**145. Цониги напс холаро Алагьас ﷻ жиндие бихьизабураб заман т1убан хадуб гурони. Аллагьас щибаб напсалъе бугеб г1умро хъван, къадар гьабун х1адурун буго** ва гьелъие щибго цебе яги нахъе бахъи бук1уларо. Ч1ван хварав чиги жиндир г1ажал щун хварав вуго, рокъов бусада вегун хваравги жиндир г1ажал щун хварав вуго.

Гьаб аяталдаса мурад буго муъминзаби Аллагьасул диналъе г1оло гъазават гьабиялде гьесизари ва гьезул рак1 парахат гьаби. Тущманасда данде ч1вай ва гьесда рагъ гьаби гьезие г1емераб ажро-кири бугеб бук1ин бич1ч1изаби ва рагъулъ г1ахьаллъарав чиги холаревлъи бицин, жиндир г1ажал щун гурони. Х1инкъиялъ г1умру халат гьабуларо, бах1арчилъиялъ г1умру къокъги гьабуларо. Аллагьасул ﷻ къадар нахъч1вазе к1оларо киг1анго жив ц1унарав чиясдаги. Жиндие бихьизабураб заман лъугьун гурони инсан холаро, киг1ан к1удиял хвалда х1инкъарал балагьал т1аде рач1аниги ва рагъулъ, тущбабазул мухъилъ жанив лъугьун жив вагъулев вугониги.

Хадубги Т1адег1анав Аллагьас ﷻ абулеб буго: «**Щив чи вугониги дунялалъул ч1агольи т1алаб гьабун, гьелъие г1оло хьвадулев, дица гьесие гьеб кьела** ва амма гьесие ахиратална ажро бук1инаро-абун. Гьаб раг1и абуна рагъулъ бергьун гъанимат (давла, бечелъи) щвей бокьарал г1адамазда: Гьаб дунял нилъеца т1алаб гьабизе кколеб ва жиндие г1оло ях1 бахъизе кколеб жо гьеч1о. Аллагьас дунял лъик1асеги квешасеги кьола.

Цинги Т1адег1анав Аллагьас ﷻ абуна: «**Ахираталъул ажро-кири бокьун, Аллагь ﷻ разилъи бокьун, хьвадулев чиясе дица гьебги кьола. Ва Аллагьасул ниг1матал лъан, гьезда данде щукру гьабулел**

**г1адамазе дица х1исаб гьеч1ого лъик1лъи ц1ик1к1изабила ва ахираталда лъик1аб жазаъги гьабила»** – абун.

وَكَأَيِّن مِّن نَّبِيٍّ قَٰتَلَ مَعَهُۥ رِبِّيُّونَ كَثِيرٌ فَمَا وَهَنُواْ لِمَآ أَصَابَهُمْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَمَا ضَعُفُواْ وَمَا ٱسْتَكَانُواْۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿١٤٦﴾

**146. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **г1емер руго Аллагьасул диналъе г1оло жигьад гьабурал ва гьелгун цадахъ Аллагьасдаса х1инкъарал муъминзаби ва г1алимзабиги жигьадалда рахъарал. Гьездаги рагъулъ зах1малъи къварилъи бихьана, цо-цоял ч1вана, цогидал лъукъана. Ва амма гьел х1инкъич1о ва гьел заг1ип гьарич1о Аллагьасул нухда жидеда щвараб къварилъиялъ ва тущманасда цере г1одорег1анлъич1о, гьесдасан гурх1ел т1алаб гьабич1о. Т1адег1анав Алагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **жидеца сабро гьабулел г1адамал рокьула** гъазаваталда рахъараб мехалъ ва диналда халкъ ах1ун даг1ват гьабулеб мехалъги.

وَمَا كَانَ قَوْلَهُمْ إِلَّآ أَن قَالُواْ رَبَّنَا ٱغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَإِسْرَافَنَا فِيٓ أَمْرِنَا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَٱنصُرْنَا عَلَى ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿١٤٧﴾

147. Дол аварагзабаз عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва гьелгун цадахъ Алагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло рагъ гьабулел муъминзабаз, гьез бах1арчилъиялда рагъ гьабигун ва иманалъулги, диналъулги къуват бук1ингун цадахъ, **Аллагьасда х1елун абулеб бук1ана: «я нижер Бет1ергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! Дуца нижер мунагьал чуре, дуе гьабулеб г1ибадаталъулъ нижедаса ккараб к1вах1аллъи, жагъаллъиги т1аса лъугьун те. Дуца ниж рагъул майданалда ч1езаре,** дурги нижерги тущманасда рагъулеб мехалъ; нижер рек1елъ х1инкъи рехун гьаниса нахъе руссизе тоге Аллагь ниж. **Дуца нижее квербакъиги гьабе купру- ширкалъул къавмалда т1ад бергьенлъи босизе»** – абун.

فَـَٔاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ ثَوَابَ ٱلدُّنْيَا وَحُسْنَ ثَوَابِ ٱلْأٓخِرَةِۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٤٨﴾

**148. Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **х1акъикъиял муъминзабазе дунялалъул лъик1лъи кьуна:** тущбабазда т1ад бергьенлъи кьуна. Г1емераб гъанимат-давлаги кьуна, къадро к1одолъи, т1адег1анлъиги кьуна ва тущбабазул ракьал рахъун, гьениб Аллагьасул дин т1ибит1изабуна. **Ахираталда гьезие г1емерго к1удияб ва берцинаб лъик1лъи бук1изе буго,** ниг1матазул алжаналги Аллагь разилъиги бук1ине буго. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лъик1аб г1амал гьабулел г1адамал рокьулев вуго.** Жидер ниятги бац1ц1адал, г1амалги берцинал муъминзаби

рокьула Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِن تُطِيعُواْ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ يَرُدُّوكُمْ عَلَىٰٓ أَعْقَٰبِكُمْ فَتَنقَلِبُواْ خَٰسِرِينَ ﴿١٤٩﴾

**149. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж г1енеккани капурзабаз бицунеб хабаралда ва мунапикъзабазда нахъги рилълъани, гьез нуж х1акъаб диналдаса руссинарун купру-ширкалда рачине руго ва нуж Аллагьас т1орит1ун рук1ун хадур ц1акъго ч1орого хут1араллъун лъугьизе руго:** иманги бичун купру босиялдаса к1удияб даранаЛъулъ къей щибха бук1инеб?

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна гьаб аят рещт1иналъе сабаб буго: Ух1удалдаса нахъе руссун хадурги мунапикъзаби гаргадана: «Гьав чи х1акъав авараг вук1аравани гьасда ругъналги щвелароан, гьасул асх1абзабиги ч1валароан, нуж нужерго цебе бук1араб диналде русса» – абун.

Т1адег1анав Аллагьас цебехун араб аят рещт1ине гьабуна ва хадубги абуна:

بَلِ ٱللَّهُ مَوْلَىٰكُمْ ۖ وَهُوَ خَيْرُ ٱلنَّٰصِرِينَ ﴿١٥٠﴾

**150. Гьал купарал ва мунапикъзаби нужее лъик1лъи бокьарал г1адамал гьеч1о. Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго нужер тадбир гьабулев ва нужее квербакъулев ва гьев квербакъулезул бищунго лъик1авги вуго.** Гьев Аллагьасде иман лъурал г1адамазе цоги щивго кумекчи ва г1акъло кьолев чи къвариг1уларо.

سَنُلْقِى فِى قُلُوبِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ ٱلرُّعْبَ بِمَآ أَشْرَكُواْ بِٱللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِۦ سُلْطَٰنًا ۖ وَمَأْوَىٰهُمُ ٱلنَّارُ ۚ وَبِئْسَ مَثْوَى ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٥١﴾

**151. Дица капурзабазул рек1елъе х1инкъи рехизе буго гьез Аллагьасде ширк гьабун цоги жоялъе г1ибадат гьаби сабаблъун, гьеб ширк гьабиялъе жидее щибго г1илла х1ужжаги гьеч1ого,** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб ширк гьабиялде ах1улеб аятги рещт1изабич1ого. **Ахир гьел руссунеб бак1ги жужах1 бук1ине буго. Ц1акъ квешаб ч1олеб бак1 ва руссунеб бак1 буго гьеб жужах1 купру- ширкалдалъун зулмо гьабурал г1адамазе.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго:

*«Аллагьас дие квербакъи гьабун буго моц1алъ рилълъун унеб нухалъ рик1к1ад рук1адго купаразул рек1елъ х1инкъи рехизе гьабун» – абун.*

Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана. Дунялалда гьаб х1инкъи буго ва

ахираталда гlазабги буго Аллагьасул тущбабазе.

وَلَقَدْ صَدَقَكُمُ ٱللَّهُ وَعْدَهُۥٓ إِذْ تَحُسُّونَهُم بِإِذْنِهِۦ ۖ حَتَّىٰٓ إِذَا فَشِلْتُمْ وَتَنَٰزَعْتُمْ فِى ٱلْأَمْرِ وَعَصَيْتُم مِّنۢ بَعْدِ مَآ أَرَىٰكُم مَّا تُحِبُّونَ ۚ مِنكُم مَّن يُرِيدُ ٱلدُّنْيَا وَمِنكُم مَّن يُرِيدُ ٱلْءَاخِرَةَ ۚ ثُمَّ صَرَفَكُمْ عَنْهُمْ لِيَبْتَلِيَكُمْ ۖ وَلَقَدْ عَفَا عَنكُمْ ۗ وَٱللَّهُ ذُو فَضْلٍ عَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٥٢﴾

**152. Хlакълъунго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее квербакъила абун гьабураб къотlи тlубазабуна: Аллагьасул изнуялдалъун нужеца капурал чlвалел рукlана ва нужер хвалчабаз лъилъараб хур гlадин тущбаби гlодореги ралел рукlана. Цинги нуж хlинкъун риххана, ва магlарда тlад чlун рукlарал чlор речlчlулел рагъухъабиги гьениса нахъе рачlана ва нуж аварагасул** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **амруялдаги гlасилъана.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас кlикъоялда анцlго чlор речlчlулев асхlаб лъун вукlана Ухlуд мегlералъул тlасияб рахъалда, гьезда тlад Гlабдулагь ибну Жубайр رَضِيَٱللَّهُعَنۡهُ амирлъун тун вукlана. Гьал асхlабзабазда амру гьабун букlана нуж гьеб бакlалдаса нахъе рачlунге муъминзаби бергьунел ругониги яги къолел ругониги абун. Гьал асхlабзабаз жидер бакl теялда гlайиб чlвалеб буго гьаб аяталда жаниб.

Тlадегlанав Аллагьас абулеб буго **Нужеца аварагасул** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **амруялдда гlасилъи гьабуна нужее бокьулеб жо бихьараб мехалъ.** капурзаби хlинкъун лъутулел рихьараб мехалъ. **Нужеда гьоркьор руго дунялалъул магlишат бокьарал гlадамалги.** Гьел руго мегlерги тун гъаниматалда хьуллъун нахъе рачlарал гlадамал. **Ва нужеда гьоркьор руго ахират бокьарал гlадамалги.** Гьел руго Гlабдуллагь ибну Жабиргун цадахъ магlарда чlарав анцlго асхlаб, жидеда Аллагь разилъаял, гьел киналго асхlабзаби шагьидлъана гьеб магlарда рукlадго.

**Цинги Тlадегlанав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж нахъе руссизаруна ва капураздаса лъутизаруна нужер иманалъул хlалбихьизе. Аллагь нужеда тlасаги лъугьана гьеб гlасилъи ккун букlаниги.** Тlадегlанав Аллагьасул гурхlел, цlоб букlинчlебани муъминзабазда жегиги цlикlкlун кварилъи щолаан. **Хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **муъминзабазе цlобал гlатlидав вуго ва гьезие хиралъи, кlодолъи кьолев вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасгlудидаса хlадис бицана: *«Ухlудалда рагъулеб мехалъ муъминал руччаби рукlана асхlабзабаз лъукъарал мушрикал жидеца хвезарулеллъун. Гьеб къоялъ дица гьа гьедун*

*бук1арабани нижеда гьоркьов цониги чи гьеч1ин жиндие дунял бокьарав абун, дида кколаан дир гьа бит1араб бук1илин абун. Дида лъалеб бук1инч1о нижеда гьоркьор дунял бокьарал чаг1и рук1ин, т1адег1анав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьаб аят рещт1инег1ан:* «Нужеда гьоркьор руго жудее дунялалъул маг1ишат бокьарал г1адамал» – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**153. Нужеца рак1алде щвезабе я гьал муъминзаби, нуж капурзабаздаса лъутун маг1ардехун унеб г1уж, цояв цоясдаги валагьич1ого, цоцазе кумекги гьабич1ого. Нужеда хадув ах1долев хирияв аварагги** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **вук1адго.** Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьезда ах1долев вук1ана: *«Дихъе рач1а я Аллагьасул лагъзал, дун Аллагьасул расул вуго, нужер т1ад руссун рач1аразе алжан буго»- абун.*

۞إِذۡ تُصۡعِدُونَ وَلَا تَلۡوُۥنَ عَلَىٰٓ أَحَدٖ وَٱلرَّسُولُ يَدۡعُوكُمۡ فِيٓ أُخۡرَىٰكُمۡ فَأَثَٰبَكُمۡ غَمَّۢا بِغَمّٖ لِّكَيۡلَا تَحۡزَنُواْ عَلَىٰ مَا فَاتَكُمۡ وَلَا مَآ أَصَٰبَكُمۡۗ وَٱللَّهُ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ ١٥٣

Амма нуж жеги хехго лъутун унел рук1ана. **Нужее Аллагьас цоялда хадуб цогиги рак1 къварилъи, пашманлъи т1аде биччана:** рагъда нуж риххун лъутун иналъул, авараг ч1вана абураб хабаралъул, гъанимат щвеч1ого хут1иялъул, тущман нужедаса т1адег1ан маг1арде вахиналъул къварилъиги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *« я дир Аллагь! Гьел капуразе нижедаса т1адег1ан рук1ине ихтияр гьеч1о» – абун.* Т1адег1анав Аллагьас муъминзабазда гьал пащманлъаби рихьизаруна: **жидехъа борч1ун араб гъаниматалда гьезул рак1 бух1ич1ого бук1ине ва гьезда щварал ругъналги риха-хичиги бигьаяб жолъун бихьизе. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго:** нужер Аллагьасе г1оло вагъаравги, рияалъе г1оло вагъаравги лъала Бет1ергьанасда.

**154. Цинги т1адег1анав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж гьеб пашманлъи-къварилъиялда рук1адго, нужеда т1аде макьу биччана, нуж х1инкъич1ого рук1ине сабаблъун. Гьеб макьуялъ нужер цо къокъа гъапул гьабуна,** ай х1инкъарав чиясда макьу бач1унаро, Аллагьас гьал муъминзабазул х1инкъи т1аса инеабун

ثُمَّ أَنزَلَ عَلَيۡكُم مِّنۢ بَعۡدِ ٱلۡغَمِّ أَمَنَةٗ نُّعَاسٗا يَغۡشَىٰ طَآئِفَةٗ مِّنكُمۡۖ وَطَآئِفَةٞ قَدۡ أَهَمَّتۡهُمۡ أَنفُسُهُمۡ يَظُنُّونَ بِٱللَّهِ غَيۡرَ ٱلۡحَقِّ ظَنَّ ٱلۡجَٰهِلِيَّةِۖ يَقُولُونَ هَل لَّنَا مِنَ ٱلۡأَمۡرِ مِن شَيۡءٖۗ قُلۡ إِنَّ ٱلۡأَمۡرَ كُلَّهُۥ لِلَّهِۗ يُخۡفُونَ فِيٓ أَنفُسِهِم مَّا لَا يُبۡدُونَ لَكَۖ يَقُولُونَ لَوۡ كَانَ لَنَا مِنَ ٱلۡأَمۡرِ شَيۡءٞ مَّا

قُتِلْنَا هَٰهُنَا قُل لَّوْ كُنتُمْ فِي بُيُوتِكُمْ لَبَرَزَ ٱلَّذِينَ
كُتِبَ عَلَيْهِمُ ٱلْقَتْلُ إِلَىٰ مَضَاجِعِهِمْ وَلِيَبْتَلِيَ
ٱللَّهُ مَا فِي صُدُورِكُمْ وَلِيُمَحِّصَ مَا فِي
قُلُوبِكُمْ وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿١٥٤﴾

гьазда макьу щвезабуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асх1абас абу Т1алх1атидаса х1адис бицана; гьес абуна:

*«Ух1удалда рагъул мухъазулъ рук1аго нижеда макьу щвана: дир кодоса хвалчен бортун унаан ва дица кодоб босулаан, гьадин чанго нухалъ бортана дир квералдаса хвалчен дунги гъапуллъун»* – абун. Х1адис имам Бухарияс магъази т1ехьалда бицана.

Хадуб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бицунеб буго гьаб макьу щвей Аллагьасе г1оло жал рагъулел муъминзабазе бук1ин, ва мунапикъзаби добго х1инкъиялъулъ хут1араблъи. **Цоги къокъа бук1ана жидер напсазул ургъалида бугеб, рек1ел х1инкъиги жегиги ц1ик1к1араб. Гьал мунапикъзаби Аллагьасда щакдарулел руго ва гьезул рак1азулъ квешал пикраби х1алт1улел руго.**

Ибнукасирица абуна: гьал мунафикъазда рак1алда ккана гьаб бак1алда мушриказ бусурбабиги т1аг1инарулин ва исламалъул ишги т1убанго т1аг1ун унин- абун. Гьедин рак1алде ккола жагьилал г1адамазда, цо къварилъи бач1араб мехалъ гьезда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ к1очола, цинги Аллагьас гьелги к1очон тола.

**Гьал мунапикъаз абулеб буго: «Нижехъ бугеб ихтиярго щиб бугеб?» – абун.** Ниж гьаб рагъулъе рачана нижее бокьич1ого, нижерго ихтияралда тун рук1аралани ниж гьанире рач1ине рук1инч1о» – абун. **Дуца абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Кинабго амру Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кодоб буго** ва гьеб Аллагьас жиндие бокьухъин билълъизабула»–абун.

**Гьал мунапикъаз дуе загьир гьабулеб гуреб, рек1елъ бахчараб жо буго. Щиб гьеб абуни, гьез абулеб буго нижехъ ихтияр бук1арабани ниж рагъдего рач1изе рук1инч1о»-абун.** Ниж х1ал гьабун рачана рагъде абулеб буго мунапикъзабаца. **Дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «нуж нужерго рукъзабахъ рахчун ч1ч1ун рук1араланиги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ч1вазе къадар гьабурав чи гьев ч1вазе хъвараб бак1алде вачизе вук1ана»-** абун.

Аллагьасул къадаралдаса ворч1изе ва лъутизе бак1 бук1уларо. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Ух1удалда муъминзаби рагъда къезариялъе х1икмат бицун абулеб буго: **нужер рак1азулъ бугеб жоялъул х1албихьизе гьабуна дица гьаб ух1удалда ккараб иш:** нужедаса х1акъикъиял муъминзабиги мунапикъзабиги загьир гьаризе ва гьел киналго г1адамазда лъазе. **Ва нужер рак1алги рац1ц1ад гьаризе:** тавбо гьабун, иман ц1и гьабун Аллагьасде руссарал Аллагьас къабул

гьаризе. **Т1адег1анав Аллагь ﷻ нужер рак1азулъ бугеб кинабго жо лъалев вуго** ва щивасе жинда рекъараб жазаъ гьабулевги вуго.

إِنَّ ٱلَّذِينَ تَوَلَّوْاْ مِنكُمْ يَوْمَ ٱلْتَقَى ٱلْجَمْعَانِ
إِنَّمَا ٱسْتَزَلَّهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ بِبَعْضِ مَا كَسَبُواْ
وَلَقَدْ عَفَا ٱللَّهُ عَنْهُمْ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ حَلِيمٌ ١٥٥

**155. Ух1удалда муъминзабазул ва мушриказул к1иго къокъа рагъизе данделъараб мехалъ гьенисан мугъ бан лъутун арал нужер гьалмагъзаби, гьел руго щайт1аналъ г1одорг1анлъиялде ккезарурал. Щайт1ан гьезда т1ад бергьинги гьез гьарурал мунагьал сабаблъун буго.**

Гьел мунагьазул к1удиябги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасул амруялда хилиплъи буго: маг1арда рук1арал ч1ор реч1улел рагъухъабаз жидер бак1 тей буго, гьеб бак1 тоге абун аварагас ﷺ амруги гьабун бук1ун. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ гьал муъминзабазда т1аса лъугьана. Х1акълъунго Аллагь ﷻ Жинца мунагьал рахчулев, жив гурх1улев, х1алимав вуго.**

Лъик1ал г1адамазул цояс абуна: «Лъик1аб г1амалалда данде бугеб кири буго хадубги лъик1аб г1амал гьабизе тавпикъ гьаби. Квешаб г1амалалъе гьабулеб жазаълъун буго гьелдаги хадуб цогиги квешаб г1амал гьаби» – абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَكُونُواْ كَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ
وَقَالُواْ لِإِخْوَٰنِهِمْ إِذَا ضَرَبُواْ فِى ٱلْأَرْضِ أَوْ كَانُواْ
غُزًّى لَّوْ كَانُواْ عِندَنَا مَا مَاتُواْ وَمَا قُتِلُواْ
لِيَجْعَلَ ٱللَّهُ ذَٰلِكَ حَسْرَةً فِى قُلُوبِهِمْ وَٱللَّهُ
يُحْىِۦ وَيُمِيتُ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ١٥٦

**156. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж капурзабазда релълъун рук1унге, жудеца жудерго гьудулзабазул х1акъалъулъ абулел, цо сапаралда ун рук1анин, яги гъазаваталда ун рук1ани: «Гьал гьалмагъзаби нижеда аск1ор рокъор ч1ун рук1аралани, гьал хвезеги рук1инч1о, ч1вазеги рук1инч1о» – абун. Гьадинаб бат1улаб иг1тикъад Аллагьас ﷻ гьезул рек1елъ лъун буго хварал чаг1азда гьезул г1емерго рак1 бух1изе.**

Гьал капуразул рак1алда бугеб х1алалъ гьеч1о иш. **Т1адег1анав Аллагь ﷻ вуго жинца хвезарулев ва ч1аго гьарулевги. Нужеца гьабулеб кинабго г1амал жинда бихьулевги вуго Аллагь.** Загьираб г1амал бихьулеб г1адин бат1инаб г1амалги бихьула.

وَلَئِن قُتِلْتُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ أَوْ مُتُّمْ لَمَغْفِرَةٌ
مِّنَ ٱللَّهِ وَرَحْمَةٌ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ١٥٧

**157. Нуж Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло рагъулаго шагьидлъун хваниги, яги рукъор рук1ун хваниги,** амма

гъазаваталда ине бокьунги бук1ун, Аллагьасул дин т1адег1ан гьабиялда ниятги бук1ун. **Гьаб х1алалъ хвел ва Аллагьасул рахъалъан бугеб мунагьал рахчиги лъик1аб буго нужее, гьаб дунялалда ч1аго хут1ун маг1ишат гьабулаян рук1иналдаса.**

**158. Нуж бусада регун рукъор хваниги, рагъул майданалда шагьидлъун хваниги, ахир киналго Аллагьасде ﷻ руссине руго ва щивасе жиндир г1амалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго.** وَلَئِن مُّتُّمْ أَوْ قُتِلْتُمْ لَإِلَى ٱللَّهِ تُحْشَرُونَ ﴿١٥٨﴾

Гьаб амру гьадин бугелъул нужеца т1аса бище нуж Аллагьасда г1агар гьарулеб ва гьев разилъи щолеб г1амал. Гьал г1амалазул бищунго лъик1аб буго ракьалда Аллагьасул дин бук1иналъе г1оло гъазават гьаби. Гьединго буго даг1ват гьабун диналда халкъ ах1иги, цогидаб исламияб диналъе мунпаг1ат бугеб г1амалги. Инсан Аллагьас ﷻ жиндие т1аг1ат- г1ибадат гьабизе вижун вугелъул, гьеб т1аг1ат бищунго Аллагь разилъулеб гьаби лъик1 буго. Инсан хвалие вижарав вугелъул, Аллагьасул диналъе г1оло хвей т1адег1анаб даража макъам буго.

Ух1удалда бах1арчилъи бихьизабураздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Назар асх1абги. Бусурбаби х1инкъун риххараб мехалъ ва мунапикъаз Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ч1ванаян хабар т1ибит1изабидал, Анасица абуна: «Я дир Аллагь, дица гьарулеб буго, дуца г1узру къабул гьаби бусурбабаз гьабураб жоялдаса, ва дун вац1ц1адав вуго гьал мушриказ гьабураб жоялдаса»– абун. Цинги гьев хвалченги бахъун унаго, Саг1до ибну Муг1аз данде ккана, жинда Аллагь разилъаяв. Анасица абуна: «Мун киве унев я Саг1ду! Валлагьи дие алжаналъул мах1 бач1унеб буго гьаб Ух1удалда цебесан»-абун. Цинги гьев рагъулъе ана ва жив ч1вазег1ан вагъана. Мушриказ гьесул черх къот1-къот1ун инжит гьабун бук1ана, щив вугеб лъалареб х1алалъ ва жиндир черхалда ункъогоялдасаги г1емер ругьнал рук1ана. Яц т1аде яч1ун, гьелда Анас رضي الله عنه лъана к1алдир ругел цабзаздалъун. Аллагьас гьазул баракат нилъееги щвайги ва нилъги гьазда нахърег1изареги.

**159. Аллагьас дур чорхолъе лъураб гурх1ел-рах1муяб т1абиг1аталдалъун мун дур асх1абзабадехун тамахлъана Мух1аммад** ﷺ, ва дур амруялда хилиплъи гьабуниги гьезда квешаб раг1иги абич1о, рихунеб жоги бицинч1о. **Мун вук1аравани рак1**

فَبِمَا رَحْمَةٍ مِّنَ ٱللَّهِ لِنتَ لَهُمْ وَلَوْ كُنتَ فَظًّا غَلِيظَ ٱلْقَلْبِ لَٱنفَضُّوا۟ مِنْ حَوْلِكَ فَٱعْفُ عَنْهُمْ وَٱسْتَغْفِرْ لَهُمْ وَشَاوِرْهُمْ فِى ٱلْأَمْرِ فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُتَوَكِّلِينَ ﴿١٥٩﴾

**сог1ав, ццин хехав чилъун, дуда аск1осан асх1абзаби лъутун инаан ва мун цох1ого хут1илаан.**

Мац1алъ бицунеб жо хъач1аб, къабих1аб бук1ин рак1 сог1аб, т1абиг1ат квешаб бук1иналда т1орит1ел гьабулеб буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьал хъубал т1абиг1атаздаса вац1ц1ад вижана Аллагьас ﷻ. **Мун асх1абзабаздаса т1аса лъугьа Мух1аммад ﷺ, дуца гьезул мунагьал рахче абун Аллагьасдаги гьаре, дур умуразулъ гьезулгун мушавараги гьабе. Цо амру гьабиялда дуца къасд гьабураб мехалъ Аллагьасда таваккал т1амун гьебги гьабе. Х1акълъунго Аллагьасе ﷻ жинда таваккал т1амулел ва кинабго жоялъул гьесда божун рук1унел г1адамал рокьула.**

Мух1аммад Г1али Сабунияс жиндир тафсиралда абуна: гьаб аяталда жаниб т1орит1ел гьаби буго нилъер хирияв Авараг Мух1амад ﷺ, бищунго берцинал, хириял т1абиг1атазда хасс гьавун вук1иналда. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул амруялъул г1ажаибаб жо буго: гьев вук1ана бищун ч1ух1арав, т1адег1ан вук1ине рес бугев, амма асх1абзабазда гьоркьов бищун х1еларав, г1одовег1анавлъун вук1унев. Гьев вук1ана насабалъул рахъалъан бищун хирияв, машгьурлъиялъулъ бищун камилав, т1абиг1ат-г1амалазулъ бищун вац1ц1адав, сахаватазул бищун сахаватав, каламалъул рахъалъан бищун пасих1ав. Гьал киналго сипатал руго инсан жиндалъун ч1ух1улел ва хиралъулел. Ва амма Алагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца рет1елги букъулев, хьиталги рац1ц1улев, х1амидаги рек1унев, ракьалда г1одовги ч1олев, лагъас ах1ани гьесие жаваб гьабун ах1аралъувги унев вук1ана.

Аллагьас ﷻ нилъ гьав аварагасда ﷺ нахърилъараздаса гьареги Алагьасул свалат салам лъеги гьаб нур балеб чирахъалда, хиралъабазул ралъадалда, т1ок1лъаби г1емерав, жив халкъалдаса т1аса вищарасда. Цоги кант1изе рекъараб жо буго: Аллагьасда ﷻ таваккал т1ами ц1акъго т1адег1анал макъамаздаса буго к1иго рахъалъан. Цо буго таваккал т1амурав чи Аллагьасе вокьулев вук1ин. Цоги буго таваккал т1амурав чи Аллагьас ц1унулев вук1ин. Гьаб к1удияб макъам щвезе рес бук1аго инсан сундасан х1инкъулев?

إِن يَنصُرْكُمُ ٱللَّهُ فَلَا غَالِبَ لَكُمْ ۖ وَإِن يَخْذُلْكُمْ فَمَن ذَا ٱلَّذِى يَنصُرُكُم مِّنۢ بَعْدِهِۦ ۗ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُؤْمِنُونَ ﴿١٦٠﴾

**160. Т1адег1анав Аллагьас нужее квербакъи гьабураб мехалъ нужедаса бергьине к1олев щивго вук1унаро. Аллагьас ﷻ нуж рехун тани, цинги щивха вук1инев нужее квербакъизе к1олев, гьев Аллагьасул изну гьеч1ого?**

Бадроялда рагъулъ нуж бергьинги, Ух1удалда нуж къейги Аллагьасул

амруялдаса буго. К1одо гьариги, г1одорег1ан гьариги, бергьенлъиги, къейги Аллагьасул х1укму-къадаралдалъун бук1уна. **Гьаб амру гьадин бугелъул муъминзаби кидаго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ тавакал т1амун, гьесда божун рук1а абе.**

وَمَا كَانَ لِنَبِيٍّ أَن يَغُلَّ ۚ وَمَن يَغْلُلْ يَأْتِ
بِمَا غَلَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۚ ثُمَّ تُوَفَّىٰ كُلُّ
نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿١٦١﴾

**161. Аллагьасул аварагас гъаниматалъе щвараб боц1иялъулъ хиянат гьабуларо. Нагагь жинца хиянат гьабун щив чи вугониги, гьев чи къиямасеб къоялъ хиянат гьабун босараб жоги горбода бан вахъизавула халкъалда цеве.** Цинги киналго г1адамазул х1исаб мизанги гьабула. **Ва щибаб напсалъе щибго мукъсанлъиги гьабич1ого жазаъ гьабизе буго ва цониги чиясе щибго зулмуги гьабизе гьеч1о.**

Квешаб г1амал гьабурасе г1азаб ц1ик1к1изабуларо, лъик1аб г1амал гьабурасе кири-ажро дагьлъизеги гьабуларо. Аллагьасул ц1об-рах1маталдалъун мунагьаздаса т1аса лъугьин ва лъик1аб г1амалалъе ц1ик1к1араб ажро гьаби бук1ине буго.

أَفَمَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَ اللَّهِ كَمَن بَاءَ بِسَخَطٍ
مِّنَ اللَّهِ وَمَأْوَاهُ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿١٦٢﴾

**162. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун хьвадарав чи:** жинца г1ибадат бац1ц1ад гьабурав, амру-нагью т1убан хьвадарав, **релълъун вук1инищ Аллагьасда г1асилъарав ва жинда гьесул ццинги бахъарав чиясда. Гьав чиясул вуссунеб бак1 жужах1 буго ва ц1акъ квешаб рукъ буго гьеб жужах1.**

هُمْ دَرَجَاتٌ عِندَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا
يَعْمَلُونَ ﴿١٦٣﴾

**163. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъараб ва Аллагьасул ццин бахъараб агьлуялъул бат1и-бат1иял даражаби руго Аллагьасда аск1ор. Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерил ах1валал лъалев вуго** ва гьезие жазаъ гьабулевги вуго.

Аллагь разилъи т1алаб гьабун хьвадарал муъминзабазе ниг1матазул алжанал руго. Аллагьасул ццин бахъарал, купру-ширкалда хварал г1адамазе ахираталда г1одобег1анлъи ва даимаб г1азаб буго.

لَقَدْ مَنَّ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ إِذْ بَعَثَ فِيهِمْ
رَسُولًا مِّنْ أَنفُسِهِمْ يَتْلُو عَلَيْهِمْ آيَاتِهِ
وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ
وَإِن كَانُوا مِن قَبْلُ لَفِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ﴿١٦٤﴾

**164. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ к1удияб ц1об гьабуна муъминзабазда: гьезухъе жидедаго гьоркьоса авараг вит1ун.**

Жидер мац1ги лъалев, х1алги лъалев, гьезда гьит1инаб къоялдаса нахъего жив

лъалев ва жиндир х1акъикъатги лъалев.

**Жидее Аллагьасул Къуръан ц1алулев, мунагь-хат1аялдаса, къабих1ал пишабаздаса, купру-ширказдаса гьел рац1ц1ад гьарулев. Жинца гьезда Къуръанги ва бац1ц1адаб суннатги малъулев. Аллагьас** ﷻ **жидехъе гьев авараг** ﷺ **вит1илелде цере жал ц1акъ къосараллъун рук1аниги:** хъанчазе лагълъи гьабулел мушрикал рук1ана. Цояз цоял ч1валел, риба кваналел, ч1агого лъимал ракьулъ рукъулелги рук1ана. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьеб къавм купруялъул бец1лъиялдаса иманалъул нуралде рачана ва умматазул бищун хирияллъунги гьаруна.

**165. Ух1удалда къварилъи ккараб мехалъ нужеца щай абулеб гьаб балагь киса нижеда бач1араб абун. Бадроялда рагъ гьабулеб мехалъ нужеца мушриказдаги щвезабун бук1ана**

أَوَلَمَّآ أَصَٰبَتۡكُم مُّصِيبَةٞ قَدۡ أَصَبۡتُم
مِّثۡلَيۡهَا قُلۡتُمۡ أَنَّىٰ هَٰذَاۖ قُلۡ هُوَ مِنۡ عِندِ
أَنفُسِكُمۡۗ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ١٦٥

**Ух1удалда нужеда щвараб к1игог1ан ц1ик1араб балагь.** Ух1удалда лъабкъоялда анц1го асх1аб ч1вана, жидеда Аллагь разилъаял. Бадроялда лъабкъоялда анц1го мушрик ч1вана ва гьедиг1анго асир гьарунги рук1ана.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад, гьаб балагь буго нужецаго нужее гьабураб – абун.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул амруялда нужер хилиплъи сабаблъун, ва давла (гъанимат) щвеялда хьул лъей сабаблъун. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь кинабгожоялда х1ал к1олев вуго** ва гьесул х1укму хисизабизе к1олев щивго вук1уларо.

**166. Ух1удалда к1иго къокъа рагъда данд ч1вараб мехалъ нужеда щвараб балагь ва къварилъи Аллагьасул х1укмуялдалъун буго:**

وَمَآ أَصَٰبَكُمۡ يَوۡمَ ٱلۡتَقَى ٱلۡجَمۡعَانِ فَبِإِذۡنِ ٱللَّهِ
وَلِيَعۡلَمَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ١٦٦

гьесда бихьун, лъан ва гьесул къадаралда рекъон. Гьелда жаниб Аллагьасул х1икматги буго **х1акъикъиял муъминзаби мунапикъзабаздаса рат1а рахъи.**

**167. Гьединго мунапикъзаби щал ругел лъай буго Ух1удалда ккараб рагъалъул х1асил.**

Г1абдулагь ибну Убай ибну Салул вук1ана мунапикъазул бищунго к1удияв, цоги лъабнусгог1адав чиги вук1ана.

**Муъминзабаца гьал мунапикъазда**

وَلِيَعۡلَمَ ٱلَّذِينَ نَافَقُواْۚ وَقِيلَ لَهُمۡ تَعَالَوۡاْ قَٰتِلُواْ
فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ أَوِ ٱدۡفَعُواْۖ قَالُواْ لَوۡ نَعۡلَمُ قِتَالٗا
لَّٱتَّبَعۡنَٰكُمۡۗ هُمۡ لِلۡكُفۡرِ يَوۡمَئِذٍ أَقۡرَبُ مِنۡهُمۡ
لِلۡإِيمَٰنِۚ يَقُولُونَ بِأَفۡوَٰهِهِم مَّا لَيۡسَ فِي
قُلُوبِهِمۡۚ وَٱللَّهُ أَعۡلَمُ بِمَا يَكۡتُمُونَ ١٦٧

**абидал: «нужги нижгун цадахъ мушриказда рагъизе рач1а, яги нахъруссун лъутун инч1ого нижгун цадахъг1аги ч1а. Тущманасда нилъ г1емераллъун рихьизе» – абун, мунапикъзабаца абуна: «нижеда лъалеб бук1арабани гьаб Ух1удалда рагъ бук1ине бук1ин, ниж нахъ руссине рук1инч1о,** - абун. Ай нижеда рак1алде кколеб буго гьаниб рагъ бук1инаро абун».

Гьал г1адамал–рагъ гьабизе рач1инч1ого нахъ руссарал ва муъминзабазул къуватги хвезабурал, гьезул напсазулъ х1инкъиги рехизабурал,-**куфроялде ц1ик1ун г1агарда руго иманалда ругелдаса.** Ай гьазул г1амал капурзабазул г1амал буго. **Гьез к1алаздалъун абулеб буго жидер рек1елъ гьеч1еб жо.** Гьезул рек1елъ нифакъ бук1иналъ гьезие бокьун буго муъминзаби рагъда къезе, гьеб мурадалда жал рагъулъ г1ахьаллъич1ого нахъе унел руго. Амма к1алалъ абулеб буго: «Жакъа гьаниб рагъ бук1инаро, бук1арабани нижги рагъилаан нужгун цадахъ» – абун.

**Т1адег1анав Аллагь жинда лъалев вуго гьез рек1елъ бахчун бугеб нифакъ ва ширк.** Рик1адаб Маккаялдаса г1емераб ярагъгун рач1ун, жидер Бадроялда ч1варал гьалмагъзабазул рец1ел босизе г1ащикълъун, бусурбабаздаса г1езег1анго г1емерал мушриказул боял Ух1уд маг1арде щвараб мехалъ, гьениб рагъ бук1унеблъи мунапикъзабазда ц1акъ лъик1 лъалеб бук1ана.

Жидер рак1азулъ муъминзабаздехун бугеб рокьукълъиялъ гьел къезе, х1инкъизе бокьун, ана мунапикъзаби Ух1удалдаса нахъ руссун. Азарго чи гурони гьеч1еб асх1абзабазул бо анкьнусго чиясде буссана ва иман заг1ипал г1адамал х1инкъизе ва щакдаризе сабабги лъугьана.

ٱلَّذِينَ قَالُواْ لِإِخۡوَٰنِهِمۡ وَقَعَدُواْ لَوۡ أَطَاعُونَا مَا قُتِلُواْۗ قُلۡ فَٱدۡرَءُواْ عَنۡ أَنفُسِكُمُ ٱلۡمَوۡتَ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ١٦٨

**168. Гьединго Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ва муъминзабазда лъазе мунафикъзабазул цогидаб къокъаги:** жал рагъде рач1инч1ел, рукъор г1одорч1ун ч1арал. **Цинги Ух1удалдаса асх1абзаби нахъ руссун рач1араб мехалъ жидеца абулел: «Гьал муъминзабиги гьазда цадахъ Ух1удалда ч1варал нилъер гьалмагъзабиги нилъехъ г1енеккун рук1аралани ва рагъ гьабич1ого ч1ун рук1аралани жал ч1вазе рук1инч1о» – абун. Дуца гьезда абе Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**: «Нужеца хвел нахъ ч1вайха нужерго напсаздаса, гьеб нужер раг1иялъулъ нуж рит1араллъун ратани» – абун.** Рагъда вахъинч1ев чи хвеч1ого хут1улев ватани ва рагъ хвеялъе сабабги батани, нужер цониги чи хвезе бегьиларо. Гьаб раг1и буго мунафикъзабазда г1айиб ч1ван ва гьезул ах1макълъи

халкъалда загьир гьабун абураб раг1и.

وَلَا تَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ قُتِلُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ أَمْوَٰتًۢا ۚ بَلْ أَحْيَآءٌ عِندَ رَبِّهِمْ يُرْزَقُونَ ﴿١٦٩﴾

**169.** Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицун Ибнуг1аббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: Аллагьасул расулас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«нужер муъминал вацал Ух1удалда ч1ван хвараб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул рух1ал лъуна, алжаналъул г1урччинал х1анч1азул къуч1умалда жанир, алжаналъул г1ораздаса лъин гьекъолел ва алжаналъул пихъалги кваналел. Гьезул руссунеб бак1ги Г1арщалъул раг1дукь ругел меседил чирахъазда аск1об бугеб. Цинги гьединаб гьуинаб, лазатаб квенги лъинги батидал, берцинаб руссунеб бак1ги батидал гьез абуна: «Щивха вук1инев нилъер диналъул вацазда жинца бицунев нилъ алжаназда жанир ч1аго рук1ин ва Аллагьасул ниг1матазулъ рук1ин, гьел муъминзабазул гъазаваталда хьул лъезе, тущманасдаса х1инкъич1огоги рук1ине» – абун. Т1адег1анав Аллагьас абула: «Дица бицина нужер хабар ч1аго ругел нужер вацалазда» –* абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана къуч1аблъун.

Цинги гьаб аят рещт1изабуна: **«Нужеда рак1алда ккоге Аллагьасул диналъе г1оло рагъулаго шагьидлъарал г1адамал хун руго абун. Гьел шагьидзаби Аллагьасда аск1ор ч1аго руго, жидее ризкъи кьолелги руго».**

فَرِحِينَ بِمَآ ءَاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ مِن فَضْلِهِۦ وَيَسْتَبْشِرُونَ بِٱلَّذِينَ لَمْ يَلْحَقُوا۟ بِهِم مِّنْ خَلْفِهِمْ أَلَّا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿١٧٠﴾

**170. Аллагьас жидее кьураб хиралъи, т1оклъиялдаса роххунги руго гьел шагьидзаби Ва гьез роххелги загьир гьабулеб буго жеги ч1аго ругел мужагьидаз гъазават гьабун гьел шагьидлъараб мехалъ Аллагьас гьезие кьезе бугеб хиралъиялъул: гьел муъминзабазе щибго ахираталда х1инкъи гьеч1о абун ва гьел пашманлъизеги гьеч1о абун дунял тун ахираталда руссиналда.**

۞ يَسْتَبْشِرُونَ بِنِعْمَةٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَفَضْلٍ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٧١﴾

**171. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ ругел к1удиял ниг1матазда ва ц1об-рах1маталда роххел загьир гьабулел руго гьел шагьидзаби. Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабаца гьабураб лъик1аб г1амалалъул ажро-кири хвезабуларев, гьезие кири г1емерго ц1ик1к1изабулев вук1иналдаги рохел загьир гьабулел руго.**

Аллагьасул ниг1мат буго лъик1аб г1амалалде данде гьабулеб жазаъ. Аллагьасул рахъалъан бугеб т1ок1лъи (фазло) буго гьезие ажро-кири

г1емерго ц1ик1к1изаби.

ٱلَّذِينَ ٱسْتَجَابُوا۟ لِلَّهِ وَٱلرَّسُولِ مِنۢ بَعْدِ
مَآ أَصَابَهُمُ ٱلْقَرْحُ ۚ لِلَّذِينَ أَحْسَنُوا۟ مِنْهُمْ
وَٱتَّقَوْا۟ أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿١٧٢﴾

**172.** Гьаб аят рещт1инабиялъе сабаб бицана: Ух1удалда рагъ гьабун мушрикал нахъ руссун «Х1амраул асад» абулеб бак1алде щведал (Мадинаялдаса бащдаб къоялъ унеб бак1), гьел рек1екълъана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва гьесул асх1абзаби رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ т1аг1инарич1ого нахъруссиналда. Гьезул цояз абуна: «Нилъеца Мух1аммад ч1вач1о, гьезул г1олил ясал чуязда т1адги рек1изарич1о, квешаб жо буго гьаб нилъеца гьабулеб, т1ад руссун ине руго бусурбаби т1аг1инаризе»–абун. Гьаб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде щвана ва жинца как ах1изе Билал رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ виччан асх1абзаби данде рак1арана. Цинги гьезул рак1 гьесизабуна мушриказда хадур ине ва дозда бихьизабизе жал х1инкъун гьеч1еблъиги ва жидер къуват хун гьеч1еблъиги. Ругъназул ц1урал, свакарал, рек1ине чуял гьеч1ел, ярагъ къадарал рук1аниги, хириял асх1абзабазул цо къокъаялъ аварагсул ах1иялъе жаваб гьабуна ва жал къват1ире рахъун мушриказда хадур ана. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мушриказул рак1азулъ х1инкъи рехана авараг ﷺ жиндир асх1абзабигун вач1унев вук1ин лъадал, ва «т1асияб соналъ рагъила нилъ» абун жидерго нухда ана.

Гьеб лъугьа-бахъин бицун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Аллагьасул ва гьесул расуласул ﷺ ах1иялъе жаваб гьабурал муъминзаби, жидеда ругъналги щун рук1ун, къварилъиги бихьун бук1ун хадуб,- гьал муъминзабазе Аллагьасул к1удияб ажро-кири буго ва Аллагь разилъи буго: Аллагьасдаса х1инкъун, аварагасда нахърилълъун гьез гьабураб к1удияб гьунаралда данде.**

ٱلَّذِينَ قَالَ لَهُمُ ٱلنَّاسُ إِنَّ ٱلنَّاسَ قَدْ جَمَعُوا۟
لَكُمْ فَٱخْشَوْهُمْ فَزَادَهُمْ إِيمَٰنًا وَقَالُوا۟
حَسْبُنَا ٱللَّهُ وَنِعْمَ ٱلْوَكِيلُ ﴿١٧٣﴾

**173. Гьал муъминзаби руго цо къавмалъ гьезда абураб мехалъ: «нужеда рагъ гьабизе г1емерал мушрикал данделъун руго. Нуж гьезда рагъизе унге, нуж гьездаса х1инкъа»– абун, жидер иман жегиги ц1ик1к1арал ва жидеца абурал: «нижее г1ей гьабулев, квербакъулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго. Жинда таваккал т1амизе ц1акъ лъик1ав ва мустах1икъав вуго гьев Аллагь» –** абун.

«Нижее г1ей гьабулев вуго Аллагь ва гьев жинда таваккал т1амизе ц1акъ мустах1икъав ва лъик1ав вуго» абурабраг1и абуна Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагас Намрузица жив ц1адаве рехараб мехалъ. Гьаб раг1и абуна муъминзабацаги бищунго жидее х1инкъи бук1ине г1агарлъараб бак1алдаги. Гьаб раг1и абизе рекъараб буго киналго муъминзабаца цо къварилъи, ургъел т1аде бач1араб мехалъ. Гьедин абе абураб аврагасул х1адисги буго.

فَٱنقَلَبُوا۟ بِنِعۡمَةٍ مِّنَ ٱللَّهِ وَفَضۡلٍ لَّمۡ يَمۡسَسۡهُمۡ سُوٓءٌ وَٱتَّبَعُوا۟ رِضۡوَٰنَ ٱللَّهِ وَٱللَّهُ ذُو فَضۡلٍ عَظِيمٍ ﴿١٧٤﴾

**174. Цинги жал рагъде арал ва Аллагьасул ц1обалдалъун рагъ гьабизе ккеч1ого нахъруссарал, жегиги нухда даран данде ккун т1ок1лъиги щварал. Жидеда щибго квешаб жоги щвеч1ел, гьез т1алаб гьабураб Аллагь разилъи щварал. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1обал г1ат1идав, хиралъи, т1ок1лъи г1емерав вуго.**

إِنَّمَا ذَٰلِكُمُ ٱلشَّيۡطَٰنُ يُخَوِّفُ أَوۡلِيَآءَهُۥ فَلَا تَخَافُوهُمۡ وَخَافُونِ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَ ﴿١٧٥﴾

**175. Доб «нуж рагъизе унге» абун ах1улеб жо щайт1ан буго, жиндир макруялъ гуккарал г1адамал х1инкъизарулеб.**

Гьел руго мунапикъзаби, жал рагъде ине х1инкъарал. Цоги маг1на гьабуна гьаб раг1иялъе:щайт1аналъ нуж х1инкъизарулел руго жиндир авлияаздалъун абун. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **«Нуж гьел мушриказдаса х1инкъуге. Нуж дидаса х1инкъа, иман лъураллъун ратани»**–абун.

Куфаразда данде рагъизе нужее квербакъулев вуго дун. Нуж дир амруялда г1асилъизе х1инкъа: дунял ахираталда гьалаглъизе бегьула нуж дида г1асилъани. Бусурбаби х1инкъизарулеб хабар бицине Абусупяница Нуг1айм ибну Масг1уд абулев чи вит1ун вук1ана. Гьасда «щайт1ан буго» абуна: мушриказул кинабго г1амал щайт1аналда нахърилълъун гьабулеб бугелъул.

وَلَا يَحۡزُنكَ ٱلَّذِينَ يُسَٰرِعُونَ فِي ٱلۡكُفۡرِۚ إِنَّهُمۡ لَن يَضُرُّوا۟ ٱللَّهَ شَيۡـٔٗاۗ يُرِيدُ ٱللَّهُ أَلَّا يَجۡعَلَ لَهُمۡ حَظّٗا فِي ٱلۡأٓخِرَةِۖ وَلَهُمۡ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٧٦﴾

**176. Мун пашман гьавуге Мух1аммад** ﷺ**, гьел мунафикъзаби купруялдехун унел рук1иналъ,** исламалъе ва бусурбабазе зарал гьабизе ях1 бахъулеб бук1инальги жидер к1алаздалъун ва пишабаздалъун. **Гьал мунафикъзабазда к1оларо Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щибго зарал гьабизе,** гьез жидерго напсазе буго зарал гьабулеб. **Аллагьасе бокьун буго, жиндир къадаралда рекъон, гьал г1адамал ахираталда щибго лъик1лъи гьеч1ел**

**рук1ине ва гьезие гучаб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

**177. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъейги бичун купру босарал г1адамазги Аллагьасе щибго къварилъи гьабуларо ва гьазиеги ахираталда гучаб, жинца унтизабулеб, г1азаб бук1ине буго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ٱشْتَرَوُا۟ ٱلْكُفْرَ بِٱلْإِيمَٰنِ لَن يَضُرُّوا۟
ٱللَّهَ شَيْـًٔا وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٧٧﴾

Гьал руго мунафикъзаби: иман лъун хадуб жал муртадлъарал.

**178. Капурал г1адамазда рак1алде ккоге абе, жидее ниг1маталги кьун дунялалда рах1аталда тей гьезие лъик1аб жо бугин абун. Дица гьел гьалаг гьарич1ого нахъе рахъун тун руго, гьезул мунагьал г1емерлъизе ва гьезие ахираталда гьел г1одорег1ан гьарулеб квешаб г1азаб бук1ине буго.**

وَلَا يَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَنَّمَا نُمْلِى لَهُمْ
خَيْرٌ لِّأَنفُسِهِمْ ۚ إِنَّمَا نُمْلِى لَهُمْ لِيَزْدَادُوٓا۟ إِثْمًا ۚ
وَلَهُمْ عَذَابٌ مُّهِينٌ ﴿١٧٨﴾

**179. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзаби толаро мушрикалгун ва мунафикъалгун журан: х1акъикъиял муъминзаби ва мунафикъзаби рат1а рахъун загьир гьарич1ого толаро.**

مَّا كَانَ ٱللَّهُ لِيَذَرَ ٱلْمُؤْمِنِينَ عَلَىٰ مَآ أَنتُمْ
عَلَيْهِ حَتَّىٰ يَمِيزَ ٱلْخَبِيثَ مِنَ ٱلطَّيِّبِ ۗ وَمَا كَانَ
ٱللَّهُ لِيُطْلِعَكُمْ عَلَى ٱلْغَيْبِ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَجْتَبِى مِن
رُّسُلِهِۦ مَن يَشَآءُ ۖ فَـَٔامِنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ ۚ وَإِن
تُؤْمِنُوا۟ وَتَتَّقُوا۟ فَلَكُمْ أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿١٧٩﴾

Гьадин рат1а рахъизе ккани Ух1удалда гьабураб г1адаб цо-цо х1албихьи гьабизе ккола.

Ибнукасирица абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цо г1акъуба-къварилъи т1аде биччала жиндир вали (вокьулев) загьир гьавизе, тушманги загьир гьавун халкъалда цеве инжит гьавизе. Сабро гьабулев муъминчиги, къосарав мунафикъги загьиралда лъазе – абун.

**Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж раккизаруларо жиндир балъгоял умуразда:** нужеда т1асан ралагьун лъаларо муъминзаби ва мунафикъал рат1а рахъизе, гьезул рак1алда бугеб жоялда Аллагьас нужги раккизаруларо. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьал г1адамал загьир гьарула ва цоцаздаса рат1а рахъула гьезул х1албихьи гьабун цо-цо къварилъи т1аде биччан. Гьединаб х1албихьи буго жигьад гьабиги: Ух1удалда ккараб рагъ ва гьениб муъминзабазда щвараб къварилъиги.

**Кинниги Аллагьас жиндир аварагзабаздаса бокьарав чи т1аса вищула ва гьел цо-цо балъгоял умуразда раккизарула.** Гьадин хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Аллагьас мунафикъазул х1алазда ваккизавуна ва гьесда гьезул щивав цояв лъалевги вук1ана.

Гьаб амру гьадин бугелъул: **нужеца Аллагьасда ва гьесул русулазда**

**камилаб иман лъеялъ иман лъе** ва нужеда лъай: Цох1о Аллагь вуго жинда кинабго балъгояб жо лъалев. Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъазабураб къадар балъгояб жоялъул цо-цо аварагасдаги лъала. Аллагьас вах1ю гьабун лъазабула аварагасда жиндие бокьараб жо.

**Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласда ﷺ иманги лъун, Аллагьасдасаги х1инкъун нуж хьвадани, нужее ахираталда ц1акъ г1емераб ажро бук1ине буго.**

وَلَا يَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ يَبْخَلُونَ بِمَآ ءَاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ مِن فَضْلِهِۦ هُوَ خَيْرًا لَّهُم ۖ بَلْ هُوَ شَرٌّ لَّهُمْ ۖ سَيُطَوَّقُونَ مَا بَخِلُوا۟ بِهِۦ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ وَلِلَّهِ مِيرَٰثُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۗ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿١٨٠﴾

**180. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее кьураб, гьесул ц1об-рах1матлъунги бугеб жоялдаса Аллагьасул нухда боц1и кьезе бахиллъарал г1адамазда рак1алда ккоге абе гьез гьабулеб г1амал ц1акъ лъик1аб бугин абун.**

Дунялалъул боц1и данде бак1ари ва гьеб Аллагьасул диналъе квербакъизе кьезе бахиллъи, **жудер ахираталъе ц1акъ квешаб г1амал буго гьеб. Къиямасеб къоялъ горбода т1ад ххун гьеб боц1и-малги баччун, жужах1алъул г1азабалъулъ рук1ине руго гьел г1адамал.**

**Ахираталда Т1адег1анав Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ буссине буго зобал ракьазул ва гьезда жаниб бугеб жоялъул ханлъи.** Г1адамал хведал гьезул боц1и ирсалъе унеб г1адин, ахираталъул бет1ергьан цо вугелъул, ирсалъе босараб г1адин буссуна кинабго жо Аллагьасухъе. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужер г1амалал жинда лъалев вуго:** балъгоябги загьирабги жо лъалев вуго щибго бат1алъи гьеч1ого.

Жинда Аллагь разилъаяв Бухарияс бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьас жиндие мал кьурав ва гьелдаса закат кьеч1ев чиясе къиямасеб къоялъ гьеб мал бач1уна к1удияб борохьалъул сураталда жиндир к1иго мац1 бугеб, гьев чиясул горбода жемун, к1алалде цебе баккун гьеб борохьалъ абула: «Дун буго дур боц1и-мал. Дун буго дуца хазинаде ц1унараб жо»* – абун.

Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: Мадинаялда ягьудиязул мадраса бук1ана ва Пинх1ас абулев гьезул ц1аларав чи вук1ана жинда сверун г1адамал рак1арун гьезда жо малъулев. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1аб щвана цо къоялъ гьеб мадрасалда ва жинца Пинх1асида абуна:

Мун Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъа ва мун исламалде вач1а. Валлагьи, дуда лъала Мух1аммад ﷺ х1акъав Аллагьасул расул вук1ин, нужехъе х1акъаб жоялдалъун жив вач1арав ва нужер Тавраталда жиндир бицен бугев-абун.

Цинги Пинх1асица абуна: «Валагьи я Абубакар, нижер гьев Аллагьасда

щибго х1ажалъи гьеч1о, гьев вуго нижеда х1ажатав. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нижеда х1елулев вуго ва ниж гьесдаса г1ей гьабулел руго. Аллагь бечедав вук1аравани, гьес къарзалъе боц1и кьеян абизе бук1инч1о. Аллагьас нужеда риба гьабугеян абулеб буго, амма нижее риба гьабун боц1и кьолеб буго. Гьев бечедав вук1аравани нижее риба гьабун боц1и кьезе бук1инч1о» – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1абас ц1акъ ццин бахъун Пинх1асил гьурмалъ квешго хъатги кьабун абуна: «Я Аллагьасул тущман! Нужедаги нижедаги гьоркьоб къот1и бук1инч1ебани дица дур габур къот1илаан» – абун.

Цинги гьав Пинх1ас Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ун гьесда абуна: «Мун валагье дур гьалмагъас дие гьабураб жоялда» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Абубакарида رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ гьикъана сунца мун т1амурав Пинх1асида кьабизе абун. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакарица абуна: «Я расулулагь صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Гьав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущманас ц1акъ к1удияб бугьтан лъуна Аллагьасда, гьев пакъирав вуго, жал бечедал руго абун. Дир Аллагьасе г1оло ццин бахъана ва дица гьесул гьурмада кьабуна» – абун. Пинх1асица гьаб хабар гьереси гьабун инкар ккуна. Т1адег1анав Аллагьас Абубакар рит1ухъ гьавун ва Пинх1ас гьереси гьавун гьаб хадуб бугеб аятги рещт1изабуна:

لَّقَدۡ سَمِعَ ٱللَّهُ قَوۡلَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ فَقِيرٞ وَنَحۡنُ أَغۡنِيَآءُۘ سَنَكۡتُبُ مَا قَالُواْ وَقَتۡلَهُمُ ٱلۡأَنۢبِيَآءَ بِغَيۡرِ حَقّٖ وَنَقُولُ ذُوقُواْ عَذَابَ ٱلۡحَرِيقِ ١٨١

**181. Х1акълъунго Аллагьасда раг1ана гьел г1адамазул раг1и: «Аллагь пакъирав вуго, ниж бечедал ругоян»–жидеца абулел. Дица малаиказабазда амру гьабила гьазул гьаб къабих1аб раг1и хъвай абун ва гьез щибго х1акъ гьеч1ого аварагзаби ч1вараблъиги хъвай абун. Цинги ахираталде щведал гьаб г1амал хъвараб кагъат цебе рехун дица гьезда абила «гьанже жужах1алъул г1азаб ч1аме нужеца» – абун.**

Ягьудияз «Аллагь пакъирав вуго», «Аллагь къарзалъе жо т1алаб гьабулев вуго» абурал раг1аби абулел рук1ана жидеда нахърилъарал заг1ипал, жагьилал г1адамал исламалде инч1ого рук1ине, гьел щакдаризаризе. Амма ягьудиязул г1алимазда лъалаан жидеца бицунеб жо гьереси бук1ин ва к1удияб мунагь бук1ин. Гьаб маг1на баян гьабун Аллагьас ягьудиязда абулеб буго:

ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتۡ أَيۡدِيكُمۡ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَيۡسَ بِظَلَّامٖ لِّلۡعَبِيدِ ١٨٢

**182. Гьаб г1азаб гьабулеб буго нужеца гьабураб г1амалалде данде жазаълъун. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерие зулмо гьабулевлъун гьеч1о.**

Т1адег1анав Аллагь ﷻ халкъалда гьоркьоб г1адло гьабулев вуго, зулму гьабулев гьеч1о. Кашаф абураб тафсиралда абуна квешав чиясе г1акъуба гьаби ва лъик1ав чиясе кири-ажро гьаби Аллагьасул г1адло буго абун.

ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ عَهِدَ إِلَيۡنَآ أَلَّا نُؤۡمِنَ لِرَسُولٍ حَتَّىٰ يَأۡتِيَنَا بِقُرۡبَانٖ تَأۡكُلُهُ ٱلنَّارُۗ قُلۡ قَدۡ جَآءَكُمۡ رُسُلٞ مِّن قَبۡلِي بِٱلۡبَيِّنَٰتِ وَبِٱلَّذِي قُلۡتُمۡ فَلِمَ قَتَلۡتُمُوهُمۡ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ۝١٨٣

**183.** Гьаб аят рещт1изабуна ягьудазул цо къокъаялъ абидал: «Я Мух1аммад, Дуца абулеб буго мун Аллагьасул расул вуго абун ва духье т1ехьги рещт1изабуна абун. Аллагьас нижедаса къот1и босун буго Тавраталда жаниб: «Нуж цониги аварагасда божуге жиндир муг1жизатлъун къурбаналъе хъураб жо ц1аялъ кваналеб гьеч1они» - абун. Мун гьадинаб муг1жизатгун вач1ани, нижеца мун рит1ухъ гьавила ва дуда нахърилъльина» – абун. Цинги Аллагьас ﷻ гьаб аят рещт1изабуна:

**Жидеца абулел г1адамал: «Аллагьас нижедаса къот1и босун бугин, нуж цониги аварагасда божугеян, гьев аварагас хъураб къурбан ц1аялъ кваналеб бихьун гурони» – абун, дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ: нужехье дида цере аварагзаби рач1ун рук1ана гурищ баянал х1ужабигун ва муг1жизаталгун.** Гьаб нужеца абулеб муг1жизатги бук1ана гьел аварагзабазе. **Щайха нужеца гьел аварагзаби ч1варал, нуж бит1араб жо бицунеллъун ратани абун.** Нужеца дол аварагзаби гьереси гьаруна ва гьезда рагъ бана, гьанже нужеца Аллагьасда иман лъела ва расуласда нахъги рилъльина абураб жо кин бит1араб бук1унеб?

فَإِن كَذَّبُوكَ فَقَدۡ كُذِّبَ رُسُلٞ مِّن قَبۡلِكَ جَآءُو بِٱلۡبَيِّنَٰتِ وَٱلزُّبُرِ وَٱلۡكِتَٰبِ ٱلۡمُنِيرِ ۝١٨٤

**184. Гьал ягьудияз мун гьереси гьавунин абун дуда гьеб рихунге Мух1аммад ﷺ. Х1акъльунго дуда церехун рук1арал аварагзаби гьал ягьудиязул цересел къавмазги гьереси гьаруна. Гьелги Аллагьасул рахъалъан т1ахьалгун ва баянал х1ужабигун рач1ун рук1ана.**

Таврат, Инжил т1ахьалгун Муса عَلَيۡهِ السَّلَام, Г1иса عَلَيۡهِ السَّلَام аварагзаби рач1ун рук1ана ва гьелги гьереси гьаруна цересел къавмаз.

كُلُّ نَفۡسٖ ذَآئِقَةُ ٱلۡمَوۡتِۗ وَإِنَّمَا تُوَفَّوۡنَ أُجُورَكُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۖ فَمَن زُحۡزِحَ

**185. Кинабго напс жинца хвел ч1амизе бугеб буго. Ва х1акъльунго нужер г1амалазул х1исаб гьабун жазаъги**

عَنِ ٱلنَّارِ وَأُدۡخِلَ ٱلۡجَنَّةَ فَقَدۡ فَازَۗ
وَمَا ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَآ إِلَّا مَتَٰعُ ٱلۡغُرُورِ ١٨٥

**гьабизе буго ахир къиямасеб къоялъ. Нужедаса жужах1алдаса рик1к1алъарав, гьелъул г1азабалдасан ворч1арав ва жив алжаналдаги лъугьинавурав чи,- гьав вуго жиндир к1удияб хиралъи, т1ок1лъиялда кверщел батарав. Гьаб дунялалъул ч1аголъиги гьеч1о дагьабго мехалъ жиндаса мунпаг1ат босулеб ва жинца инсанги гуккулеб жо гурони.**

Хеккого жиб толеб, ах1макъав чиясул гурони жинда рак1 гъолареб жо буго дунялалъул ч1аголъи.

۞لَتُبۡلَوُنَّ فِيٓ أَمۡوَٰلِكُمۡ وَأَنفُسِكُمۡ
وَلَتَسۡمَعُنَّ مِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ
ٱلۡكِتَٰبَ مِن قَبۡلِكُمۡ وَمِنَ ٱلَّذِينَ
أَشۡرَكُوٓاْ أَذٗى كَثِيرٗاۚ وَإِن تَصۡبِرُواْ وَتَتَّقُواْ
فَإِنَّ ذَٰلِكَ مِنۡ عَزۡمِ ٱلۡأُمُورِ ١٨٦

**186. Нужер ц1акъ х1албихьи гьабизе буго, я гьал муъминзаби: нужер боц1и-малалдалъун, нужерго напсаздалъун** ва лъимал-хъизаналдалъун. **Ва нужеда ц1акъ г1емер раг1изе буго китабияздаса ва мушриказдаса нужее зарал гьабулеб, рак1 къварид гьабулеб хабар. Гьаб кинабго жоялда нужеца сабро гьабуни, Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъун, гьесул амруялда нахърилълъун нужги хьвадани – гьал руго бищунго к1удиял, жидеда т1адч1ей гьабизе кколел умурал (ишал)**. Гьалда жаниб буго нужее хвасарлъи ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи.

وَإِذۡ أَخَذَ ٱللَّهُ مِيثَٰقَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ
لَتُبَيِّنُنَّهُۥ لِلنَّاسِ وَلَا تَكۡتُمُونَهُۥ فَنَبَذُوهُ
وَرَآءَ ظُهُورِهِمۡ وَٱشۡتَرَوۡاْ بِهِۦ ثَمَنٗا قَلِيلٗاۖ
فَبِئۡسَ مَا يَشۡتَرُونَ ١٨٧

**187. Дуца къавмалда бице Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, Муса аварагасул заманалда рук1арал ягьудияздаса Т1адег1анав Аллагьас Тавраталда г1амал гьабизе щулияб къот1и босараб заман. Гьеб къот1иги бук1ана гьез Тавраталда ругел шарг1иял ах1камал г1адамазда лъазаризе ва щибго жо бахчунгут1изе. Цинги гьез Аллагьасулгун** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабураб къот1и мугъалда нахъе рехун тана,** гьеб къот1и хвезабуна. **Ва Аллагьасе гьабураб къот1иги бичун ц1акъ дагьаб, х1акъираб дунялалъул мал босана.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул сипатал рахчана ва жидее т1алъи, ханлъи хут1и т1алаб гьабуна. **Ц1акъ квешаб жо буго гьез бичун босараб.** Гьаб даранги ц1акъ гьел къараб даран буго – ахираталда

ч1орого хут1улеб ва г1азаб т1алъулеб.

لَا تَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ يَفْرَحُونَ بِمَآ أَتَوا۟ وَّيُحِبُّونَ أَن يُحْمَدُوا۟ بِمَا لَمْ يَفْعَلُوا۟ فَلَا تَحْسَبَنَّهُم بِمَفَازَةٍ مِّنَ ٱلْعَذَابِ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ١٨٨

**188. Дуда рак1алде ккоге Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жидеца гьабураб ишалдаса роххун ругел гьал ягьудиязул церехъаби,** Тавраталда ругел дур сипатал рахчи **ва жидеца гьабич1еб г1амалалда данде г1адамаз жидее рецц гьабизе бокьунги ругел:** дур амру г1адамаздаса бахчиялъулъ. жал х1акъаб нухалда ругинги кколел, **Дуда рак1алдаго ккоге гьал г1адамал Аллагьасул г1азабалдаса рорч1илин ва рик1к1алъилин абун.** Рорч1иларо гьел Аллагьасул г1азабалдаса. **Ц1акъ жинца унтизе гьабулеб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго гьеб къавмалъе**.

وَلِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ١٨٩

**189. Т1адег1анав Аллагьасухъ** جَلَّ جَلَالُهُ **буго зобал-ракьазул ханлъи ва гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кинабго жоялда х1ал к1олев вуго.** Ягьудияз абухъе пакъирав гьеч1о Аллагь ва жинда г1асилъаразе г1акъуба гьабизе х1ал к1олев вуго.

إِنَّ فِى خَلْقِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَٱخْتِلَٰفِ ٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ لَءَايَٰتٍ لِّأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ١٩٠

**190. Х1акълъунго зобал-ракьал рижиялда жаниб, сордо-къо цоялъ цояб хисиялда жанибги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго г1акъло бугел г1адамазе.** Гьал г1аламатал загьирлъула жидер г1акълуги бугел, пикруги гьабулел муъминзабазе. Ва амма х1айванал г1адин щибго пикру гьабич1ого зобал- ракьазда ралагьулел инкарчаг1азда щибго жо бич1ч1уларо Щалха ругел гьел г1акълудал бет1ергьаби абуни, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ баян гьабун гьезул сипат бицунеб буго.

ٱلَّذِينَ يَذْكُرُونَ ٱللَّهَ قِيَٰمًا وَقُعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِهِمْ وَيَتَفَكَّرُونَ فِى خَلْقِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ رَبَّنَا مَا خَلَقْتَ هَٰذَا بَٰطِلًا سُبْحَٰنَكَ فَقِنَا عَذَابَ ٱلنَّارِ ١٩١

**191. Аллагьасул г1аламатал загьирлъулел ва гьездаса мунфаг1атги босулел муъминзаби руго, жидеца кидаго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **рехсеялда т1адч1ей гьабурал:** жидер мац1аздалъун ва рак1аздалъун ва киналго х1алазулъ: **рахъун ч1ун ругониги, г1одор ч1ун ругониги, бусада регун ругониги.** Аллагь рехсеялдалъун жидер рак1ал х1алхьолел, Аллагьасул х1икматазул пикруялда гьел даимлъулел. **Жидеца зобал-ракьал рижиналъул пикру гьабулел ва жидеца абулел: «Я нижер бет1ергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! Гьаб кинабго**

**г1алам дуца цо х1икмат гьеч1ого бижун гьеч1о. Нижеца мун вац1ц1ад гьавула Аллагь г1ададасеб жо гьабулев вук1иналдаса. Дуца ниж жужах1алъул г1азабалдаса ц1уне»** – абун.

رَبَّنَآ إِنَّكَ مَن تُدۡخِلِ ٱلنَّارَ فَقَدۡ أَخۡزَيۡتَهُۥۖ وَمَا لِلظَّٰلِمِينَ مِنۡ أَنصَارٖ ١٩٢

**192. Я нижер бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Х1акълъунго дуца жужах1алда лъугьизавурав чи ц1акъ г1одовег1ан гьавурав вуго. Купру-ширкалдалъун зулмо гьабурал г1адамазе квербакъи гьабулев чиги вук1уларо, гьел Аллагьасул г1азабалдаса хвасар гьаризе.**

رَّبَّنَآ إِنَّنَا سَمِعۡنَا مُنَادِيٗا يُنَادِي لِلۡإِيمَٰنِ أَنۡ ءَامِنُواْ بِرَبِّكُمۡ فَـَٔامَنَّاۚ رَبَّنَا فَٱغۡفِرۡ لَنَا ذُنُوبَنَا وَكَفِّرۡ عَنَّا سَيِّـَٔاتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ ٱلۡأَبۡرَارِ ١٩٣

**193. Я нижер бет1ергьан Аллагь! Х1акълъунго нижеда раг1ана жинца иман лъеялде ниж ах1улев дур расул Мух1аммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьаракь,** Нижеда аварагас ах1улеб раг1ана: **«Я гьал г1адамал! Нужеца Аллагь цо гьавун гьесда иман лъе» – абун. Нижеца гьеб ах1и рит1ухъ гьабуна, аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ жаваб кьун иманги лъуна.**

**Я нижер Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижер к1удиял мунагьал чуре,** гьел рахчун те, г1адамазда цере ниж г1одорег1ан гьарич1ого. **Ва нижеца гьарурал г1исинал мунагьазул ва квешал г1амалазул г1акъуба-г1азаб т1аса рехун те. Ва дуца ниж хвезаре** ва ахир т1адеги рахъизаре мун **жидеда разиял лъик1ал муъминзабигун цадахъ**. Ва ниж гьезда нахърег1изаре.

رَبَّنَا وَءَاتِنَا مَا وَعَدتَّنَا عَلَىٰ رُسُلِكَ وَلَا تُخۡزِنَا يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۖ إِنَّكَ لَا تُخۡلِفُ ٱلۡمِيعَادَ ١٩٤

**194. Я нижер бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижее кье дур аварагзабазул мац1алдалъун нижее къот1и гьабураб жо:** гьеб буго Аллагьасда иман лъурал, аварагасда мут1иг1лъарал г1адамазе кьезе къот1и гьабураб алжан. **Дуца ниж ахир къиямасеб къоялъ халкъалда цере г1одорег1ан гьарун нечезеги гьаруге,** капурзаби нечезарулеб г1адин. **Х1акълъунго мун къот1уе хилиплъуларев вуго,** муъминзабазе алжан кьезе къот1и гьабуравги вуго.

Гьал аятал руго т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел, гьев кинабго жо бижулев Халикъ вук1ин, кинабго жо хьихьулев ва гьезие ризкъи кьолев Разикъ вук1ин, кинабго халкъалъул тадбир гьабулев Раббул Г1аламин вук1ин бицунел. Гьадинав бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жив цогояв, кинабго халкъалъ жиндие г1ибадат гьабизе

т1адав Маг1буд вук1инги щибго щаклъи гьеч1еб жо буго.

Халикъ лъазе ккани махлукъалъул пикру гьабизе ккола. Аллагьасул заталъул пикро гьаби лагъзадерида т1адаб жо гьеч1о.

Цо г1алимас абуна: «Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ заталъул пикро гьабулев чи вуго бакъул гордоялда валагьарав чиясда релълъун: берцинго валагьизеги к1оларого, киг1ан валагьаниги щибго жоги лъазе к1оларого вук1улев, берзул нур свинабулеб нур ва гвангъи бук1ин гуреб»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатида гьикъана щиб жо бугеб хирияв аварагасул дуда жиб бихьараб бищунго г1ажаибаб жо абун. Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатица г1одун маг1у бац1ц1ана, цинги абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул кинабго амро г1ажаибаб бук1ана. Цо сордоялъ авараг, дир ирга бук1ун, дир рокъов вач1ана. Жив дида аск1ов вегун нижер черх цоцаде хъван хадуб аварагас* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *абуна: «Дуца дие изну кье дир бет1ергьан Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *г1ибадат гьабизе»-* абун. *Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг т1аде вахъун какие чурана ва как базе лъугьана.*

*Как балаго вахъун ч1ун жив г1одана жиндир мегеж биччизег1ан. Цинги суждаялда ч1ун гьенивги г1одана ракь биччизег1ан, цинги хадув хьибил ч1ван вегун гьенивги г1одана «рогьун буго, как базе мех щун буго»- абун абизе Билал асх1аб вач1инег1ан. Жинда Аллагь разилъаяв Билал асх1абасда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1ал бихьидал, гьес гьикъана: «Я Расулуллагь* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ*, мун г1одизе гьавулеб жо щиб бугеб Аллагьас дур цереселги, хадуселги мунагьалги чурун рук1аго?»- абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуда Аллагь гурх1аяв Билал, дун г1одич1ого кин вук1инев Аллагьас дида гьаб сордоялъ аятал решт1изаридал: «Зобал ракьал рижиналъулъ» абурал (190-194 абилел аятал). Хадубги аварагас абуна: «Квешаб къо бук1ине буго жинца гьал аяталги ц1аларав ва жинца гьезул пикруги гьабич1ев чиясе» –* абун. (х1адис дагьабго къокъ гьабуна). Х1адис ибну Х1ибаница бицана кьуч1аблъун.

А́ли Г1имраналъул ахиралда ругел аятал (190-200) сардилъ вахъун как балев чияс ц1ализе суннатаб буго. Жинда Алагь разилъаяв Бухарияс бицараб х1адисалда буго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьал аятал ц1алулел рук1анин абун сардилъ как базе вахъараб мехалъ (гьеб какалда тагьажуд абула).

**195.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъалъул х1исаб гьабун, Аллагьасул х1алк1олъи ва къадро к1одолъи

فَٱسۡتَجَابَ لَهُمۡ رَبُّهُمۡ أَنِّي لَآ أُضِيعُ عَمَلَ عَٰمِلٖ مِّنكُم مِّن ذَكَرٍ أَوۡ أُنثَىٰۖ بَعۡضُكُم مِّنۢ

بَعۡضٖۖ فَٱلَّذِينَ هَاجَرُواْ وَأُخۡرِجُواْ مِن دِيَٰرِهِمۡ وَأُوذُواْ فِي سَبِيلِي وَقَٰتَلُواْ وَقُتِلُواْ لَأُكَفِّرَنَّ عَنۡهُمۡ سَيِّـَٔاتِهِمۡ وَلَأُدۡخِلَنَّهُمۡ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ ثَوَابٗا مِّنۡ عِندِ ٱللَّهِۚ وَٱللَّهُ عِندَهُۥ حُسۡنُ ٱلثَّوَابِ ١٩٥

бич1ч1ун Аллагь г1емер рехсолел ва т1аг1ат г1ибадат бац1ц1ад гьабулел, цинги Аллагьасде х1елун дуг1а гьабун: «Я нижер бет1ергьан Аллагь» – абун ах1улел г1адамазе **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жаваб гьабула: «Дица нужер цонигиясул лъик1аб г1амал г1адада хвезе толаро ажрокири гьабич1ого, бихьинал ругониги руччаби ругониги. Нуж цоял цоязул баг1з (бут1а, кесек) руго».** Нуж нужер рижиналъулъ цоцазде г1ахьалал ругелъул нужеца гьабураб г1амалалъе жазаъ гьабиги к1иябго тайпаялъе г1ахьалаб буго. **Жудер дин ц1унун, ват1ан тун гьижра гьабун къват1ире арал г1адамал, мушрикаца къварилъи гьабун росабалъа къват1ире рахъине гьарурал, ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин сабаблъун жидее гьабураб г1емераб къварилъиги х1ехьарал, баччарал. Ва Аллагьасул диналъе г1оло тущбабазда рагъ гьабурал, гьеб рагъулъ шагьидлъунги хварал: гьал киналго муъминзабазул дица мунагьал чурула,** дир рах1маталдалъун дун гьазда валагьула.

**Гьал г1адамал дица алжаналда жанирги лъугьизарила жидеда жанисан г1орал чвахун унел. Т1адег1анав Аллагьасул лъик1аб жазаълъун бук1ун гьез гьабураб лъик1аб г1амалалда данде. Х1акълъунго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об буго бищунго лъик1аб ажро.** Гьебги алжан буго: жинда жанир инсанасул бералдаги рихьич1ел, г1иналдаги раг1инч1ел, х1атта гьесул рак1алдаги хъат1ич1ел бат1и-бат1иял ниг1матал ругел.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам бихьиназда ва руччабазда г1аммаб бук1уна, хит1аб «я гьал муъминзаби» абун гьабун бугониги. Жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаяй Умусаламатица хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Я Бичасул расул! Дида Аллагьас руччаби рехсолелго раг1ич1о гьижраялъул бицунеб бак1алда» – абун. Ай гьижра гьабун къват1ир рахъаралги, гъазаваталда г1ахьаллъаралги муъминал руччаби г1емер руго, гьезул биценго гьабулеба гьеч1о Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абураб маг1на буго гьаб суалалъул. Цинги Аллагьас гьаб цебе хъвараб аят рещт1изабуна: «Дица цоники чияс гьабураб г1амал г1адада хвезабуларо, бихьиназ гьабураб ва руччабаз гьабураб» –* абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

لَا يَغُرَّنَّكَ تَقَلُّبُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فِي ٱلۡبِلَٰدِ ١٩٦

**196. Мун гуккуге Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва киналго муъминзабиги гуккуге,**

**капураб къавмалъ дунялалда гьабулеб хьвада-ч1вадиялъ.**

مَتَٰعٌ قَلِيلٌ ثُمَّ مَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ ٱلْمِهَادُ ﴿١٩٧﴾

197. **Ц1акъ дагьаб жо буго дунялги, дунялалъул маг1ишатги** ахираталда ва гьениб бугеб алжан-жужах1алда данде ккун. **Ахир гьезул руссунеб бак1 жагьаннама буго ва ц1акъ квешаб руссунеб бак1 буго гьеб жагьанамма.** Абадияб ц1адул г1азаб жинда жаниб бугеб, гьелдаса рорч1изе бак1 гьеч1еб.

لَٰكِنِ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ رَبَّهُمْ لَهُمْ جَنَّٰتٌ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا نُزُلًا مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ ۗ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ خَيْرٌ لِّلْأَبْرَارِ ﴿١٩٨﴾

198. **Ва амма Аллагьасдаса ﷻ х1инкъун, гьесда мут1иг1лъун хьвадарал г1адамазе ахираталда алжанал руго, жидеда жаниса г1орал чвахулел ва гьел муъминзаби даимго рук1инелъун алжаналда лъугьизарула. Аллагьасул рахъалъан бугеб берцинаб гьоболлъи буго гьеб ва к1одо гьариги буго. Аллагьасда ﷻ аск1об бугеб ажро- кириги, хиралъи-к1одолъиги лъик1аб буго Аллагь вокьарал ва Аллагьасеги рокьарал муъминзабазе.**

Киг1анго ч1ух1арал, бечедал ругониги, гьал къосарал, г1асиял г1адамал, гьазул ч1ух1иги, бечелъиги, ханлъиги ц1акъ хехго т1асса унеб, жиндие щибго къимат гьеч1еб жо буго.

وَإِنَّ مِنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ لَمَن يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْكُمْ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْهِمْ خَٰشِعِينَ لِلَّهِ لَا يَشْتَرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ ثَمَنًا قَلِيلًا ۗ أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿١٩٩﴾

199. **Жидеда Таврат, Инжил рещт1изабурал ягьудиязул ва насраниязул цо къокъа буго камилаб х1алалъ Аллагьасда иман лъурал, нужеда рещт1инабураб Къуръаналдаги иман лъурал ва жидеда рещт1инабураб т1ехьалдаги иман лъурал.**

Ягьудиязул Г1абдуллагь ибну Саламги ва гьесул асх1абзабиги г1адал. Насраниязул Аннажаши, ва гьесда нахърилълъаралги г1адал. **Аллагьасе ﷻ х1елун, г1одорег1анлъун рук1унел. Аллагьасул калам бичун, гьелда данде дагьабго мухьги босуларел**: дунялалъул боц1иялъухъ дин бичуларел. Инжил Тавраталда бугеб аварагасул сипат бахчуларел ва гьелда жанир ругел шарг1алда рекъарал х1укмабиги хисизарун хвезаруларел.

**Гьал г1адамал руго жидер Бет1ергьанасда аск1об жидее ажро бугел:** гьазие к1иго нухалъ ц1ик1к1ун ажро кьола Аллагьас: гьезухъе вит1арав аварагасда ва гьесда рещт1араб т1ехьалда иман лъеялъул

ажро, хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасдаги, гьесда рещт1инабураб Къуръаналдаги иман лъеялъул ажроги.

**Х1акълъунго Аллагь ﷻ жинца х1исаб ц1акъ хех гьабулев вуго:** гьесул г1елму кинабго жоялда щвараб, г1аммаб бугелъул, жинда лъала щибаб напсалъ гьабураб лъик1аб ва квешаб г1амал ва щибаб напсалъе гьабизе кколеб жазаъги.

Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьаб сураталъул ахир гьабуна дунял ахираталъул кинабго лъик1лъиялда щвей гьабулеб васиятлъун ва жинцаги абуна:

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱصْبِرُوا۟ وَصَابِرُوا۟ وَرَابِطُوا۟ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٢٠٠﴾

**200. Я гьал иман лъурал г1ададамал! Нужеца Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабиялда т1ад ч1ун ва гьеседа г1ассилъиялдаса ц1унун сабро гьабе. Ва нуж сабро гьабиялъулъ Аллагьасул тущбабаздаса т1ок1ал рук1а,** гъазават гьабулаго бач1унеб зах1малъи баччун ва рагъул къварилъаби х1ехьон. **Ва нужеца исламиял ракьазул г1орхъаби ц1униялда т1адч1ей гьабе,** гьенисан жанир Аллагьасул ва нужер тущбаби рач1инч1ого рук1ине, **нагагь гьел рач1унел ругони гьезда данде ч1ей гьабун гъазават гьабиялда х1адурунги рук1ине.**

**Нуж Аллагьасдасаги х1инкъа.** Нуж гьесул амруялда г1ассилъуге ва х1арамаб жоялда аск1ор къаге: **нужее дунял-ахираталъул саг1адат, бахьибуголъи щвезе буго.**

Аллагьас нилъее насиб гьабеги гьаб саг1адат.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса х1адис бицана: Аллагьасул аварагас ﷺ абуна: *«Дица нуж т1орит1илищ Аллагьас ﷻ нужер хат1алъаби жиндалъун т1аса инарулеб ва нужер даражаби рорхулеб жоялда?. Гьеб буго какие чури г1ат1ид гьаби какие чурулел лугбазулъ. Масжидалде унаго галаби г1емер рахъинги. Цо паризаяб как бан хадуб цогидаб как баялда х1адурун рук1инги буго. Гьаб какда х1адурун рук1инги буго «рибат1»* абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалдаги буго исламалъул авалалда, гъазават гьеч1еб мехалъ рибат1 абулеб бук1ана Аллагьасе г1ибадат гьабулел бак1азда (масжидазда) жанир ч1ун г1ибадат гьабиялда.

Г1емерисел г1алимзабаз абуна гьаб аяталда жаниб рибат1алъул маг1на бугин тущманасда данде ч1ей ва исламиял ракьазул г1орхъаби ц1уни. Гьаб маг1наялда т1орит1ел гьабулел г1емерал х1адисалги руго. Жудеда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв Аллагьасул расулас абуна:

*«Аллагьасул диналъе г1оло гъазаваталда бараб цо къо лъик1аб буго гьаб дунялалдаса ва гьелда т1ад бугебщинаб жоялдасаги»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалдаги буго: *«Аллагьасул нухалда гъазаваталъе х1адурун вук1ун хварав чияс гьабулеб бук1араб лъик1аб г1амалги, гьесул ризкъиги гьесие билълъинабула (хъвалеб бук1уна) хун хаду т1ад рахъинаризег1ан. Хабал г1азабалдасаги божарав вук1уна. Къиямасеб къоялъ жив т1адеги вахъинавула гьеб къоялъул х1инкъиялдаса божаравлъун»* – абун. Х1адис ибну Мажатица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса х1адис бицана: Дида Аллагьасул свалат салам лъеяв Аллагьасул расулас абулеб раг1ана: *«К1иго чиясул берал руго жидеда жужах1алъул ц1а хъат1уларел: Аллагьасдаса* جَلَّجَلَالُهُ *х1инкъун г1одарал бералги Аллагьасул диналъе г1оло гъазаваталда вук1ун сордо борч1арав чиясул бералги»* – абун. Ай жиндир гьалмагъзаби ц1унун хъаравуллъуда вук1арав. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Талих1 къарав чи вуго жинца г1арацалъе лагълъи гьабулев чи, меседалъе лагълъи гьабулев ва рат1лие лагълъи гьабулев чиги. Жиндие гьаб жо щванани жив вохулев, щвеч1они жиндир рак1 къварилъулев. Талих1 къарав, г1одовег1анлъарав вуго гьав чи: жинда цо заз къани гьеб бахъизецин кумекги щоларев.*

*Бахьибугев вуго ва лъик1лъиялда вугев вуго Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе г1оло гъазават гьабизе чуялъул ч1олорхъо ккурав Аллагьасул лагъ: жиндир расги къач1ач1ев (бигъун, хъублъун бугев), жиндир х1ат1алги х1урул ц1ун ругев. Жив хъаравуллъуда тани гьенив вук1унев, жив боязул нахъияб рахъалда тани (тыл), гьенивги вук1унев. Жиндие раг1и абизе изноги кьоларев, шапаг1ат т1алаб гьабуни гьебги щоларев»* – абун. Ай: жив г1адамазе машгьурав гьеч1ев, жиндие т1адег1анлъи бокьуларев. Аллагь разилъи гуреб жиндир мурад гьеч1ев. Х1адис Бухарияс бицана.

Аллагьас нилъ жиндир диналъе квер бакъулездаса гьареги.

Кинабго рецццги Аллагьасе буго. Аллагьасул Къуръаналда ва аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталда нахърилълъун, гьелда даимлъун, гьелда хвей Аллагьас нилъей насиб гьабеги. Амин.

Аллагьасул квербакъиялдалъун «Сурату А́ли Г1имраналъул» тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецццги Т1адег1анав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 4. Сурату Ннисаъ

سُورَةُ النِّسَاءِ

*Гьаб сурат буго Мадинаялда решт1изабураб, жинда жаниб нусиялда лъабкъоялда анц1ила анлъго аят бугеб.*

*Гьаб хирияб суратги, цогидал Мадинаялда рещт1изарурал суратазда релълъун, жинда жаниб шарг1иял масъалаби г1емер рицунеб буго. Цогидал суратазда бугелдаса г1емерго ц1ик1к1ун гьаниб бицунеб буго руччабазда хурхарал шарг1иял масъалаби, гьединлъидал гьалда ц1ар тана «руччабазул сурат» абун.*

*Сураталда жаниб бицунеб буго вассиясул, яги валиясул амруялда гъоркь ругел руччабазул х1акъал ва ятимзабазул х1акъалги. Гьезие бук1ине кколеб ирс кьей, магьари кьейги, нафакъа кьейги, росасе ине бугеб ихтияр ц1униги. Жагьилияб заманаялъул зулмуял г1адатал хвезарун, Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *шарг1алда рекъон гьездехун г1амал гьабулеб х1алги.*

*Ч1ужуг1аданалъул къадру ц1унун, гьелъул г1амал ц1унун, гьелъие кьезе кколел х1укъукъал кьей бицун буго. Гьединго баян гьарун ирсалъул х1укмаби рицун руго. насабалъул, рахь хахиялъул, ригьин бук1иналъул рахъалъан ригьин гьабизе х1арамал руччаби рицун руго. Хадуб росс-лъадиялъул ва хъизан-лъималазул цоцазде бук1ине кколеб берцинаб хурхенги бицун буго. Цогиги г1емерал масъалаби руго хъизаналъул, хадуб жамаг1аталъул, хадуб ват1ан, ракьалъул бицунел, диналъул тущбабазулгун бук1унеб хурхеналъул ва гьезда рагъ гьабиялъул бицунелги.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱتَّقُواْ رَبَّكُمُ ٱلَّذِي خَلَقَكُم مِّن نَّفْسٍ وَٰحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَآءً ۚ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ ٱلَّذِي تَسَآءَلُونَ بِهِۦ وَٱلْأَرْحَامَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا ۝١

1. **Я гьал г1адамал! Нуж Бет1ергьанасда** جَلَّ جَلَالُهُ **г1асилъизе х1инкъа, жинца нуж киналго цо напсалдаса рижарав,** (нужер эмен Адам عَلَيْهِ السَّلَام вуго гьев) **Аллагь вуго гьев. Цинги гьеб напсалдаса** (Адамидаса) **гьесие гьалмагъги, ч1ужуги йижарав.** (Нужер эбел Х1ава йиго гьей). Аллагьасул салат лъеяв Адамил квег1аб хьабалухъ г1уч1алдасан йижана Х1аваян абуна г1алимзабаца.

**Цинги Адамидасаги Х1авадасаги г1емерал бихьинал ва руччаби ракьалда т1ад т1ирит1изарурав. Нуж Аллагьасдаса х1инкъа, жиндир**

**цIаралдалъун нужеца цоцалаздаса нужер мурадал гьарулев.** Нужеца абула: «Аллагьасул цIаралдалъун гьарулеб буго дуда»–абун. **Ва нуж хIинкъа Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цоцазде гурхIел-рахIмо гьабеян гьабураб амру хвезабизеги. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужер киналго гIамалазул хал гьабулев, гьезул авал, ахир жинда лъалев вуго.**

Жидеда Аллагь разилъаял имамзабаца бицараб машгьураб хIадисалда буго: *«Дуца БетIергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабе дуда дов вихьулев вугев гIадин. Дуда Аллагь вихьичIониги Аллагьасда мун вихьулев вуго»* – абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

ЦохIо аяталда жаниб Аллагьас кIиго нухалъ абуна: «Нуж Аллагьасдаса хIинкъа»-абун, лагъзадерида тIад бугеб Аллагьасул хIакъ кIудияб букIиналда ишара гьабун. Хадубги Аллагьас «Аллагьасдаса хIинкъа нужеца гурхIел - рахIмо къотIизабизеян»-абуна, гIадамазда гьоркьоб букIине кколеб хурхеналъул кIвар гьабун.

Киналго гIадамал цохIо аслоялдаса руго гьел инсанлъун рукIиналъулъ ва насабалъулъ вацал руго. Гьаб магIна хIакъикъаталда бичIчIулебани, киналго гIадамал бахьибуголъиялда ва божилъиялда гIумро гьабун рукIинаан. Жидеца кинабго жо бухIулел, гьитIинав, кIудияв чи тIагIинавулел рагъалги рукIинароан.

وَءَاتُوا۟ ٱلْيَتَٰمَىٰٓ أَمْوَٰلَهُمْ ۖ وَلَا تَتَبَدَّلُوا۟ ٱلْخَبِيثَ
بِٱلطَّيِّبِ ۖ وَلَا تَأْكُلُوٓا۟ أَمْوَٰلَهُمْ إِلَىٰٓ أَمْوَٰلِكُمْ ۚ
إِنَّهُۥ كَانَ حُوبًا كَبِيرًا ﴿٢﴾

**2. Эмен хун, нужеда божун хутIун рукIарал, нужер миллат гьабиялда, валилъиялда гьоркь рукIарал ятимзабазул боцIи гьезухъе кье, гьел балугълъараб мехалъ. Ва нужеца хIалалаб жоги кьун хIарамаб, хъубаб жо босуге:** нужер хIалалаб боцIиги хIарамаблъун сверизабуге ятимзабазул боцIи кванан. Цоги магIна гьабуна: нужер хIалалаб боцIи хисун ятимазул боцIулъе жубазабун, гьезул боцIи нужее босуге, гьеб хIарамаб, хъубаб боцIи буго.

**Ва нужеца нужер боцIигун цадахъ гьел ятимазул боцIиги кванаге.** Гьаб цIакъ кIудияб мунагь буго. Гьев ятим жив цIуниялда, жиндие лъикIлъи гьабиялда хIажатав, загIипав чи вуго. ЗагIипав чиясе зулму гьаби цIакъ кIудияб мунагь букIуна.

وَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تُقْسِطُوا۟ فِى ٱلْيَتَٰمَىٰ فَٱنكِحُوا۟
مَا طَابَ لَكُم مِّنَ ٱلنِّسَآءِ مَثْنَىٰ وَثُلَٰثَ وَرُبَٰعَ ۖ
فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تَعْدِلُوا۟ فَوَٰحِدَةً أَوْ مَا مَلَكَتْ
أَيْمَٰنُكُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰٓ أَلَّا تَعُولُوا۟ ﴿٣﴾

**3. Нуж хIинкъани, эмен гьечIей ятиматги ячун гьелъие букIине кколеб магьари кьечIого хутIиялда ва цогидаб ритIухълъи гьабичIого хутIиялда,** нужеца гьей ятимат ячунге, гьей цоги росасе ине те.

Жагьилаб заманаялъ жиндир валилъиялда йигей ятимат к1удияй г1ураб мехалъ, гьей берцин йихьун, гьелъул боц1и-малги жиндего буссине бокьун цо-цо валияс гьей яс жинцаго ч1ужулъун ячунаан ва гьелъие щибго магьариги кьолароан. Гьаб жагьилаб г1адат хвезабун, гьеб жо гьабуге абун абулеб буго Аллагьас гьал церехун рицарал раг1абазулъ.

Хадубги Т1адег1анав Аллагьас ﷻ амру гьабун абулеб буго: нужее руччаби г1емер руго, **гьединлъидал нужеца нужеего лъик1 бихьарал руччаби раче: к1иго йигониги, лъабго йигониги, ункъго йигониги. Гьал г1емерал руччаби рачун гьезда гьоркьоб шарг1алда рекъараб г1адло гьабизе к1оларо абун нуж х1инкъани, цо ч1ужу ячун ч1а. Яги нужер квер маликай гъарабашалда г1ей гьабун ч1а. Гьадин цо ч1ужу ячун ч1ей, руччабазе зулму гьабич1ого бук1иналда г1агараб буго.**

Гьезие зулму гьаби бук1ула шарг1ияб г1адло гьабич1ого, сордо бикьи гьабич1ого, цоялда аск1ов ун, цогидай рехун тун хьвади. Гьадинал зулмаби гьаруларо цо ч1ужу ячарав чияс.

Мух1аммад Г1али Сабунияс абуна: «Цо чиясул ункъгоялде щвезег1ан руччаби рук1ине бегьи дунялалъул ч1аголъиялъ жинда ах1араб масъала буго. Исламияб дин бач1инег1ан цереги цо чиясул г1емер руччаби рук1ана. Гьедин бугелъул исламияб диналда жаниб бугеб ц1ияб жолъун рик1к1изе бегьуларо гьаб х1укму.

Ва амма цересел умматазул ва къавмазул г1емер руччаби рачи бук1ана жудее г1орхъи гьеч1еб, шурут1ал гьеч1еб, х1айванияб сураталда бугеб. Аллагьас исламияб диналда жаниб гьеб иш г1адлуялде бачана, жиндие шурут1ал ва г1орхъаби лъуна ва гьаб х1укму дару-дарманлъун гьабуна г1адамазул цо-цо жамаг1атазулъ бугеб унти борхулеб.

Гьаб х1укмуялъул х1акъикъаталда балагьараб мехалъ, жиндалъун исламияб дин ч1ух1араб, гьеб т1адег1анлъараб х1укму буго гьаб. Исламияб диналда к1вана г1адамазул рук1а-рахъиналда жаниб ц1акъ зах1матаб масъалалъун бугеб, г1емерал умматазда жиб бачине ва бит1ун ккезе гьабизе к1веч1еб масъала т1убазабизе.

Инсанасул данделъи (общество) бит1ун бук1ине ккола, ц1адироялъул к1иго рахъ бащад бук1унеб г1адин. Нилъеца щиб жоха гьабизе кколеб гьаб данделъиялъул цояб рахъ ц1ик1к1ун, цояб дагьлъун г1адлобихи ккараб мехалъ. Нилъеда рихьулел руго руччаби г1емерго ц1ик1к1унел рук1ин. Цинги нилъеца гьей ч1ужуг1адан эбеллъун лъугьиналдаса кин х1арам гьайилей, гьелъие рос-лъадиялъул гьуинлъи кин рекъезабилеб? Яги нилъеца гьей г1адан х1арамаб нухалда, къабих1аб пиша гьабун,

х1айваналъул сураталдайищ телей жиндир напсияб мурад т1убазе х1ажалъараб мехалъ. Гьелдаса лъик1аб гьеч1ищ нилъеца гьей г1аданалъул къадро ц1унани, хъизан рукъги бац1ц1ад гьабуни, жамаг1атги къабих1ал пишабаздаса саламат гьабуни.

Дунялалда рагъ бук1иналъул х1асилалда Германиялда рагъ лъугьун хадуб цо бихьинчиясда данде лъабго ч1ужуг1адан йик1ана. Гьединаб х1алалде ккараб мехалъ насраниязул цо ригьин гурони гьабизе бегьулареб дин хут1ана квералги г1одоре риччан, гьабизе дару-сабаб гьеч1ого. Гьелъул х1асилалда жудеда гьоркьоб загьирго т1ибит1ана хъах1балъи ва гьеб хъах1балъи лъугьана щибго къварилъи гьеч1еб, х1алалаб жо г1адин. Гьедин буго амру исламиял гурел киналго пачалихъазда.

Х1алалаб х1алалъ ч1ужулъун ячун ва жиндир къадро-къиматги ц1унун, жиндие кколеб х1акъги кьун, цо чиясул к1иго, лъабго ч1ужу йик1ин бит1араб х1укмулъун рик1к1унарел къануналги, диналги ккурал г1адамал, х1арамаб х1алалъ руччаби х1алт1изарулел руго ва щибго гьезул ц1унулеб х1акъги гьеч1о, бокьараб къоялъ гьезулгун хурхен т1ун ч1олел руго. Х1асилалда исламалъ т1адег1ан гьаюн, инсанасул бук1ине кколеб къадро ц1унун йигей ч1ужуг1адан, гьез х1айваналъул даражаялде ккезаюлей йиго.

Аллагьас х1акъаб жо х1акъаблъун бихьизабеги ва гьелда г1амал гьабизе тавпикъги кьеги.

4. **Нужеца руччабазе кье гьезие магьариде лъураб боц1и, гьеб кьезе нужеда т1адаб бук1иналъ.**

وَءَاتُواْ ٱلنِّسَآءَ صَدُقَٰتِهِنَّ نِحۡلَةٗۚ فَإِن طِبۡنَ
لَكُمۡ عَن شَيۡءٖ مِّنۡهُ نَفۡسٗا فَكُلُوهُ هَنِيٓـٔٗا مَّرِيٓـٔٗا ٤

Цоги маг1на гьабуна рак1 разилъун, нахъбахъич1ого кье абун. **Гьел руччабаз жалги разилъун магьариялъул цо къадар х1алал гьабун тани, гьеб нужеца кванай х1алалаб, бац1ц1адаб бугеб х1алалъ.** Нужеда гьелъул щибго х1акъ гьеч1о.

5. **Нужеца ах1макъал г1адамазухъе кьоге Аллагьас нужеда божилъи гьабураб ва нужер ризкъилъун гьабураб маг1ишат. Нужеца гьезие квенги кье, рет1ел-хьитги кье ва гьездехун берцинаб раг1иги бице.**

وَلَا تُؤۡتُواْ ٱلسُّفَهَآءَ أَمۡوَٰلَكُمُ ٱلَّتِي جَعَلَ ٱللَّهُ لَكُمۡ
قِيَٰمٗا وَٱرۡزُقُوهُمۡ فِيهَا وَٱكۡسُوهُمۡ وَقُولُواْ لَهُمۡ قَوۡلٗا
مَّعۡرُوفٗا ٥

Гьаб аяталъул маг1на буго: балугълъизег1ан ятимазул боц1и гьезухъе кьоге. Балугълъун хадубги жудер г1акъло камилаб гьеч1они ва жудеца

боцӀи гӀадада хвезабулеб бугони, цингиги гьезухъе боцӀи кьоге. Нужеца гьезие къвариг1унеб квен, ретӀел ва цогидабги жо кье. Нагагь жудер боцӀи жудехъе кьеян гьез абулеб бугони, гьезда берцинаб рагӀи бицун бичӀчӀизабе гьезухъе боцӀи кьезе букӀин гьеб боцӀи берцинго хӀалтӀизабизе кӀолел ва лъалел лъугьараб мехалъ абун.

Гьаб аяталъул цоги магӀна гьабуна нужеца боцӀи-мал кьоге жеги гӀакълу-тадбиралда рахичӀел нужер руччабазухъ ва лъималазухъ абун. Ай, гьезие бокьанщинаб жо гьабун Аллагьас ﷻ нужее ризкъилъун кьураб боцӀи-мал гӀададе хвезабуге. Гьедин гьабулев чи исрапчи ва Аллагьасе щукру гьечӀев вуго.

وَٱبْتَلُواْ ٱلْيَتَٰمَىٰ حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغُواْ ٱلنِّكَاحَ فَإِنْ
ءَانَسْتُم مِّنْهُمْ رُشْدًا فَٱدْفَعُوٓاْ إِلَيْهِمْ أَمْوَٰلَهُمْ ۖ
وَلَا تَأْكُلُوهَآ إِسْرَافًا وَبِدَارًا أَن يَكْبَرُواْ ۚ وَمَن كَانَ
غَنِيًّا فَلْيَسْتَعْفِفْ ۖ وَمَن كَانَ فَقِيرًا فَلْيَأْكُلْ
بِٱلْمَعْرُوفِ ۚ فَإِذَا دَفَعْتُمْ إِلَيْهِمْ أَمْوَٰلَهُمْ
فَأَشْهِدُواْ عَلَيْهِمْ ۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ حَسِيبًا ﴿٦﴾

6. **Нужеда аскӀор ругел ятимазул хӀалбихьиги гьабе гьел балугълъиялде рахараб мехалъ.** Гьезул гӀакълу-тадбир гӀун бугодай абун жалго жидедаго чӀун магӀишат гьабизе. **Гьезул гӀакълуги бугин, жидедаго магӀишат гьабизеги кӀолин абун нужер ракӀ чӀани, гьезул боцӀи гьезухъе кье. Нужеца ятимазул боцӀи кванаге исрап гьабун ва хехлъи гьабун. Гьел ятимал балугълъиялде рахинегӀан** нижеца бокьухъин харж гьабила гьеб боцӀи абураб мекъаб пикру гьабуге.

**Нужер бечедав чи гьел ятимал хьихьана абун ужра-мухьалъе гьезул боцӀи босиялдаса цӀунун чӀа. Пакъирав чи ятимазул вассилъун ва валилъун вугони жиндир чара гьечӀеб къадар босе ятимазул боцӀиялдаса. Цинги ятимал балугълъун, гьезухъе боцӀи кьолеб мехалъ нугӀзалги аскӀор чӀезарун кье гьезухъе боцӀи. ТӀадегӀанав Аллагь ﷻ гӀезе вуго нугӀлъунги жинца хӀисаб гьабулевлъунги.**

Гьев ТӀадегӀанав Аллагьасда ﷻ лъалеб букӀуна нужеца ятимазул боцӀиялъулъ гьабураб хиянатги. Нуж Аллагьасдаса хӀинкъа мискинал, загӀипал, пакъирал гӀадамазе хиянат гьабизе. Гьезул вали Аллагь вукӀуна ва гьезие рецӀел босичӀого толаро. АлхӀамдулиллагь!

لِّلرِّجَالِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ ٱلْوَٰلِدَانِ وَٱلْأَقْرَبُونَ
وَلِلنِّسَآءِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ ٱلْوَٰلِدَانِ وَٱلْأَقْرَبُونَ
مِمَّا قَلَّ مِنْهُ أَوْ كَثُرَ ۚ نَصِيبًا مَّفْرُوضًا ﴿٧﴾

7. **Бихьиназе бутӀа буго эбел-эмен ва гӀагарал чагӀи хун нахътараб боцӀиялдаса. Руччабазеги бутӀа буго эбел-эмен ва гӀагарал чагӀи хун нахътараб боцӀиялдаса. Дагьаб букӀа**

**гьеб боцlи, яги гlемераб букlа,**
гьаб хlукмуялъулъ щибго батlалъи гьечlого **гьезул щивасе Аллагьас** ﷻ **бихьизабураб бутlа буго.**

وَإِذَا حَضَرَ ٱلْقِسْمَةَ أُو۟لُوا۟ ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْيَتَٰمَىٰ
وَٱلْمَسَٰكِينُ فَٱرْزُقُوهُم مِّنْهُ
وَقُولُوا۟ لَهُمْ قَوْلًا مَّعْرُوفًا ٨

**8. Гьаб ирс бикьулеб бакlалда жидее ирсалдаса бутlа щоларел гlагарал яги ятимал ва мискинал, пакъирал гlадамал рачlараб мехалъ, гьезие хварав чияс нахъе тараб боцlиялдаса щиб букlаниги жо кье, ва гьезда берцинаб рагlиги бице.**
Гьаб боцlи ирсалъе бикьизе кколеб бугин ва гьеб ирс босулел гlисинал лъимал ругин абе.

Гьаб ирс гьабулеб бакlалда рачlарал гlагарал, мискинал-пакъирал гlадамазе жо кье абураб рагlи хадур рачlарал ирсалъул аятаз насху гьабураб (хlукмо хвезабураб) бугоян абуна гlемерисел гlалимзабаз ва ункъавго имамас. Кинниги, гlемераб боцlиги бугони, гьеб бикьулеб бакlалда балагьун мискинал, пакъирал чагlиги ругони, дагьаб жо кьун гьезул ракl бохизаби рекъараб бугин абуна Ибнукасирица.

وَلْيَخْشَ ٱلَّذِينَ لَوْ تَرَكُوا۟ مِنْ خَلْفِهِمْ
ذُرِّيَّةً ضِعَٰفًا خَافُوا۟ عَلَيْهِمْ فَلْيَتَّقُوا۟ ٱللَّهَ
وَلْيَقُولُوا۟ قَوْلًا سَدِيدًا ٩

**9. Вассизабилъун ругел гlадамал хlинкъа абе гьезда божун хутlарал ятимазул боцlи-малалъе хиянат гьабизе. Гьезда ракlалде щва, ва гьез пикру гьабе абе жалги хун хадуб хутlарал жидер гlисинал лъималазул хlал киндай букlина абун. Гьал вассизаби Аллагьасдаса** ﷻ **хlинкъа ва гьез битlараб рагlиги бице,** жидерго лъималазда малъулеб лъикlаб жо малъун, гурхlел- цlобалдалъун гьел ятимазе тарбияги гьабе.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَأْكُلُونَ أَمْوَٰلَ ٱلْيَتَٰمَىٰ ظُلْمًا
إِنَّمَا يَأْكُلُونَ فِى بُطُونِهِمْ نَارًا ۖ
وَسَيَصْلَوْنَ سَعِيرًا ١٠

**10. Хlакълъунго шаргlияб гlиллаги гьечlого ятимзабазул боцlи кваналел гlадамал, жидеца цlа кваналел гlадамал руго, къиямасеб къоялъ жидер чохьониб гьалдолеб букlине бугеб. Ва гьел жужахlалъул цlадаре лъугьинаризе руго.**

يُوصِيكُمُ ٱللَّهُ فِىٓ أَوْلَٰدِكُمْ ۖ لِلذَّكَرِ مِثْلُ
حَظِّ ٱلْأُنثَيَيْنِ ۚ فَإِن كُنَّ نِسَآءً فَوْقَ
ٱثْنَتَيْنِ فَلَهُنَّ ثُلُثَا مَا تَرَكَ ۖ وَإِن كَانَتْ
وَٰحِدَةً فَلَهَا ٱلنِّصْفُ ۚ وَلِأَبَوَيْهِ لِكُلِّ وَٰحِدٍ

**11. Аллагьас** ﷻ **нужеда васият гьабулеб буго нужер лъималазул хlакъалъулъ** гьезие ирс гьабе абун, битlараб, шаргlалда бихьизабураб хlалалъ: васалги ясалги ругони жив хун жиндир боцlи ирсалъе бикьулев

مِنْهُمَا ٱلسُّدُسُ مِمَّا تَرَكَ إِن كَانَ لَهُۥ وَلَدٌ ۚ
فَإِن لَّمْ يَكُن لَّهُۥ وَلَدٌ وَوَرِثَهُۥٓ أَبَوَاهُ فَلِأُمِّهِ ٱلثُّلُثُ ۚ
فَإِن كَانَ لَهُۥٓ إِخْوَةٌ فَلِأُمِّهِ ٱلسُّدُسُ ۚ مِنۢ بَعْدِ
وَصِيَّةٍ يُوصِى بِهَآ أَوْ دَيْنٍ ۗ ءَابَآؤُكُمْ وَأَبْنَآؤُكُمْ
لَا تَدْرُونَ أَيُّهُمْ أَقْرَبُ لَكُمْ نَفْعًا ۚ فَرِيضَةً
مِّنَ ٱللَّهِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١١﴾

чиясул **васасе к1иго бут1а, ясалъе цо бут1а кье.** Масала лъабго васги лъабго ясги йигони кинабго боц1иялъул ич1го бут1а гьабула, цинги васалазе к1и-к1и бут1а кьола, ясалазе цо-цо бут1а кьола.

**Хварав чиясул вас гьеч1ого к1иго, яги гьелдаса г1емерал ясал ругони, гьезие маг1ишаталъул лъабго бут1аги гьабун к1иго бут1а кьола.** Масала: к1иго яс йигони кинабго боц1иялъул лъабго бут1а гьабула, цинги цо-цо ясалъе цо-цо бут1а кьола. Лъабго яс йигони кинабго боц1ул ич1го бут1а гьабула ва цо-цо ясалъе к1и-к1и бут1а кьола.

**Хварав чиясул цохIо яс йигони, гьелъие боц1иялъул бащадаб кьола. Хварав чиясул эбел-эмен ругони ва лъимерги бугони, цинги эбелалъе ва инсуе щивасе боц1иялъул анлъго бут1аги гьабун цо-цо бут1а кьола.** Масала: хварасул цо васги эбелги-эменги ругони, боц1иялъул анлъго бут1а гьабула, цинги цо эбелалъе, цо инсуе, хут1араб ункъго бут1а васасе кьола.

**Хварасул лъимер гьеч1они ва ирс босулел эбел ва эмен ругони, эбелалъе боц1ул лъабго бут1а гьабун цо бут1а кьола.** Хут1араб к1иго бут1а инсуе кьола. **Хварав чиясул вацал, яги яцал ругони, цинги эбелалъе анлъго бут1а гьабун цо бут1а кьола.** Гьаб масъалаялъулъ хварав чиясул вацал, яцалазе щибго жо кьоларо. Амма эбелалъе ирс мукъсан гьабун инсуе ц1ик1к1изабула. Гьев эмен вук1иналъе г1оло хварасул вацал-яцазул тарбия гьабулев ва гьезие нафакъа кьолев.

**Гьаб цебехун бицараб х1алалъ ирс гьабула хварав чиясда т1ад бугеб Аллагьасул, ва г1адамазул налъи т1убан хадуб, ва гьес гьабун тараб васиятги т1убан хадуб.** Аллагьасе бугеб налъи бук1уна: закат жиб бахъич1ого хут1араб, паризаяб х1аж жинда т1алъараб, жинца назро гьабураб жо ва цогидаб. Г1адамазул налъи г1емер бат1и-бат1ияб сабабалдалъун бук1уна ва щиб сабаб бугониги инсанасе бугеб налъиги кьезе ккола.

Васият т1убала жиндир боц1иялъул лъабго бут1а гьабун цо бут1аялдаса ц1ик1инч1еб къадаралда бугони, яги жидеца ирс босулел г1акъилал, балугъал г1адамал киналго рекъани, гьев чияс гьабураб васият т1убазе лъабго бут1а гьабун цо бут1аялдаса ц1ик1ун бук1аниги. Ва амма хварасул балугълъич1ел лъимал, я г1акъло камилал гьеч1ел варисзаби ругони, цингиги гьеб васият т1убазе гьабуларо ва лъабго бут1а гьабун цо бут1а

васияталъе бат1а бахъула, хут1араб к1иго бут1а ирсилазе бикьула. **Т1адег1анав Аллагьасда ﷻ лъик1 лъала нужер лъималищ ругел, яги эбел-эменищ ругел нужее мунпаг1ат бугел, нужеда гьеб лъаларо.** Гьадин бугелъул **Аллагьас жинцаго мух1кан гьабун бицана ирс кьолеб къаг1ида** ва нужеда т1амун теч1о гьаб иш. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ жинда кинабго жо лъалев, жиндир кинабго тадбиралъулъ х1акимияв вуго.** Гьадин бугелъул ирсалъул масъалаги нужее бищунго маслах1ат ва мунпаг1ат бугеб х1алалъ т1убана.

Жагьилияб заманалъ г1арабиязул г1адат бук1ана ясалазе ирс кьолареб, г1исинал лъималазеги кьолароан. Гьез абулеб бук1ана: «гьал руго нилъер къавмалдаса тущман нахъч1вазе щибго кумек гьабуларел» - абун. Гьединго ч1ужуялъеги ирс кьолароан. Гьадинаб жагьилияб г1адатги хвезабун жинда жаниб Бет1ергьанасул х1икмат бугеб ва г1адамазе мунфаг1ат бугеб х1алалъ ирс гьабизе малъана Аллагьас ﷻ исламияб дин босун авараг ﷺ вит1ун хадуб.

Гьаб ирсалъул г1елмуялда «бащадаб г1елмуян» ц1ар лъун буго г1алимзабаз: ай цогидал киналго г1елмабиги гьаб г1елмуги бащадаб буго жинда жанир ругел к1вар бугел масъалабазул ва жиб лъазабизе чара гьеч1еб бук1иналъул рахъалъанги. Гьаб Къуръаналъул тафсиралда жаниб хъван баян гьабизе к1олеб г1елму гьеч1о ирсалъул, гьединлъидал бусурбабада т1адаб буго ирсалъул г1елму лъалев чиясда аск1ор ун жудер хварав чиясул нахъе хут1араб боц1и шарг1алда бит1ун кколеб х1алалъ бикьизе ва напакъаде кьезе.

Бищунго бусурбабаз к1вар гьабич1ого тараб масъала буго инсан хвараб мехалъ ирс гьабиялъул масъала. Гьалъул бак1алда г1адаталги х1алт1изарун, хварасул боц1и х1арамаб нухалда хвезе гьабулеб буго. Щибго хварав чиясе, гьединго нахъе хут1аразе маслах1ат гьеч1еб г1емераб боц1и хвезабун хобал къач1ала, ч1ух1арал занал лъола, «анкь», «к1икъого» къо, «к1икъоялда анц1ила к1иго» къо, «лъаг1ел т1убараб» къо абун ц1аралги лъун квана-гьекъей г1уц1ула. Мискин-пакъирасе садакъа кьейи, масжид-къулг1аялъе, нух-кьоялъе, мадрасаялъе садакъа кьей г1адал мунпаг1ат бугел, гьаризе мустах1икъал умурал рак1алдаго щоларо.

Шарг1алда рекъон ирс гьаби паризаяб жо буго ва гьаб масъала г1алимаз ва г1абидаз к1вар гьабун, жагьилазда бич1ч1инабизе т1адаб буго. Цоги г1адамал мунагьалда кколеб жо буго: Аллагьас ﷻ паризаяллъун гьарурал ирсалъул бут1абаде т1ад к1алъай гьаби. Масала, васасе к1иго бут1а щай кьолеб? Росасе г1емер щай кьолеб, ч1ужуялъе кьолелдаса?- абун. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ нилъее мунпаг1ат ва маслах1ат

бугеб жо гурони гьабуларо ва нилъеда гьеб маслах1ат бич1ч1унгут1и нилъерго г1айиб буго.

Васасе, инсуе, росасе ирсалда жаниб ц1ик1к1ун жо кьеялъул цо х1икмат буго хъизан рукъалъул ва данделъиялъул (обществоялъул) милат гьабулел, гьезул жаваб кьолел, гьезие напакъа кьолел бихьинал рук1ин ва гьезда т1ад жавабчилъи ц1ик1к1араб бук1ин, ва гьезул напакъа кьолеб бак1 г1емераб бук1инги. Масала, эмен хун васги ясги нахъе хут1ани, гьав васасда т1адаб буго жиндир яцалъул милат гьабизе, гьей росасе кьезе. Гьелдаса хадубги росасулгун рекъел гьеч1ого, яги цоги масъала т1аде бач1ани, гьеб масъалаги т1убазе. Жиндир вацасе гьабизе яцалда т1адаб жо гьеч1о г1агарлъиялъул гурх1ел- рах1мо гьаби гуреб.

Гьаб ва гьалда релълъарал нилъеда лъаларел х1икматал руго бет1ергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъалел, гьес нилъеда авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вит1ун ва Къуръан рещт1изабун х1акъаб диналда нилъ т1орит1ун хадуб, шарг1ияб нухлъун рихьизарурал умуразулъ. Иман лъурал, Аллагь-аварагасда божарал г1адамазда т1адаб буго исламияб диналда жанир ругел шарг1иял нухал лъазаризе ва гьел хьвадизаризе, гьеб шарг1ияб х1укмуялъул г1илла-х1икмат гьезда бич1ч1аниги, бич1ч1инч1ониги. Жинда кант1изе кколеб масъала буго гьаб.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги х1акъаб жо бич1ч1изе ва гьелда нахърилълъине.

**12. Нужее,** (росабазе) **руччаби хун нахъе хут1араб боц1иялъул бащалъи буго, гьел руччабазул лъимер гьеч1они.** Нужее гьабураб, яги цогидав росасе ун гьесие гьабун бук1араб. **Гьел руччабазул лъимер бугони, нужее гьез нахъе тараб боц1иялъул ункъго бут1а гьабун цо бут1а буго. Гьаб ирс гьабиги хварай ч1ужуялъул налъи ва васият т1убан хадуб буго.**

**Гьел руччабазеги нужеца нахъе тараб боц1иялъул ункъго бут1а гьабун цо бут1а буго:** цо ч1ужу йигониги, г1емерал ругониги гьаб цо бут1а буго гьезие **нужер лъимер гьеч1они. Нужер лъимер бугони гьел руччабазе нуж хун нахъе хут1араб боц1иялъул микьго бут1а гьабун цо бут1а буго. Гьаб ирсги нужер**

* وَلَكُمْ نِصْفُ مَا تَرَكَ أَزْوَٰجُكُمْ
إِن لَّمْ يَكُن لَّهُنَّ وَلَدٌ فَإِن كَانَ
لَهُنَّ وَلَدٌ فَلَكُمُ ٱلرُّبُعُ مِمَّا تَرَكْنَ
مِنۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ يُوصِينَ بِهَآ
أَوْ دَيْنٍ وَلَهُنَّ ٱلرُّبُعُ مِمَّا تَرَكْتُمْ إِن
لَّمْ يَكُن لَّكُمْ وَلَدٌ فَإِن كَانَ
لَكُمْ وَلَدٌ فَلَهُنَّ ٱلثُّمُنُ مِمَّا تَرَكْتُم
مِّنۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ تُوصُونَ بِهَآ أَوْ دَيْنٍ
وَإِن كَانَ رَجُلٌ يُورَثُ كَلَٰلَةً
أَوِ ٱمْرَأَةٌ وَلَهُۥٓ أَخٌ أَوْ أُخْتٌ فَلِكُلِّ وَٰحِدٍ
مِّنْهُمَا ٱلسُّدُسُ فَإِن كَانُوٓا۟ أَكْثَرَ
مِن ذَٰلِكَ فَهُمْ شُرَكَآءُ فِى ٱلثُّلُثِ

مِنۢ بَعۡدِ وَصِيَّةٖ يُوصَىٰ بِهَآ أَوۡ دَيۡنٍ
غَيۡرَ مُضَآرّٖۚ وَصِيَّةٗ مِّنَ ٱللَّهِۗ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَلِيمٞ ﴿١٢﴾

**налъи ва васият т1убан хадуб буго.**
**Цо чи, яги цо ч1ужуг1адан хун, гьезул эбел-эмен, яги лъимер нахъе гьеч1ого ирс гьабулеб бугони ва гьев хварасул эбелдахъан цо вац, яги яц йигони, гьазие хварав чияс нахъе тараб боц1иялъул анлъго бут1а гьабун цо бут1а кьола.**

**Эбелдахъа вац-яц к1иго яги г1емерал ругони, гьезие нахъ тараб боц1и-малалъул лъабго бут1а гьабун цо бут1а кьола ва гьеб гьезда гьоркьоб бащад бикьула.** Вацасе к1иго бут1а кьоларо. **Гьаб ирс гьабиги хварасул васият ва налъи т1убан хадуб бук1ина,** гьеб васиятги лъабил бут1аялдаса г1емераб жоялдалъун гьабун гьеч1они. Ай варисзабазе ирсалъе дагьаб жо хут1и мурадалда гьабун гьеч1они васият.

Амма гьеб васият щиб нияталда гьабун бугониги лъабил бут1аялдаса ц1ик1к1араб жоялъулъ т1убазабуларо варисзаби разилъун гурони ва гьел варисазда гьоркьор балугълъич1ел ва г1акъло т1убач1ел г1адамалги гьеч1еб мехалъ гурони.

**Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб амру буго гьаб ирсалъул х1укму ва т1адег1анав Аллагь нужее маслах1ат бугеб жо лъалев ва нужеда ц1акъ гурх1улев вуго.** Нужее маслах1атаб жоялдалъун амру гьабулев вуго ва нуж гьеб амруялда хилиплъараб мехалъ г1акъуба хех гьабуларев вуго: тавбо гьабизе рес кьолев вуго.

تِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِۚ وَمَن يُطِعِ ٱللَّهَ
وَرَسُولَهُۥ يُدۡخِلۡهُ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي
مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ
فِيهَاۚ وَذَٰلِكَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ﴿١٣﴾

**13. Гьал церехун рицарал ирсалъул масъалаби Аллагьас нужее рихьизе гьарурал г1орхъаби руго** нужеца гьезда г1амал гьабизе ва гьел г1орхъаби хвезарун, х1арамаб х1алалъ хварав чиясул боц1и кванач1ого бук1ине. **Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда ﷺ мут1иг1лъарав чи, жаниса г1орал хьвадулел алжаназда жанив лъугьизавула, даимго гьенив вук1уневлъун. Гьаб ахираталда Аллагь разилъи ва алжаналда лъугьин буго ц1акъ к1удияб лъик1лъиялда кверщел батин.**
Гьаб буго инсанас т1алаб гьабизе кколеб жо.

وَمَن يَعۡصِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَيَتَعَدَّ
حُدُودَهُۥ يُدۡخِلۡهُ نَارًا خَٰلِدٗا فِيهَا
وَلَهُۥ عَذَابٞ مُّهِينٞ ﴿١٤﴾

**14. Ва амма Аллагьасдаги ﷻ, гьесул расуласдаги ﷺ г1ассилъарав чи, гьезул нухги хвезабурав ва г1орхъабиги ц1унич1ев, гьав чи Аллагьас**

**жужах1алда лъугьизавула даимго гьенив вук1инелъун, гьесие жужах1алда жаниб жив инжит гьабулеб г1азабги бук1уна.**

Гьаб г1азаб гьабиялъе г1илла буго гьев чияс Аллагьасул х1укму хисизабун бук1ин ва гьелда данде ч1ун вук1ин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб х1адисалда буго: *«Цо чияс яги цо ч1ужуялъ лъабкъого соналъ иман лъун лъик1аб г1амал гьабула. Цинги гьел хвалде г1агарлъидалго гьез шарг1алда данде кколареб васият гьабун варисзабазе зарал гьабула, гьелдалъун гьезие жужах1ги т1алъула»* - абун. Х1адис Тирмизияс бицана лъик1аб кьуч1аблъун. Аллагьас ﷻ нилълъ ц1унаги гьадинаб ахир ккеялдаса.

وَٱلَّٰتِي يَأۡتِينَ ٱلۡفَٰحِشَةَ مِن نِّسَآئِكُمۡ فَٱسۡتَشۡهِدُواْ عَلَيۡهِنَّ أَرۡبَعَةٗ مِّنكُمۡۖ فَإِن شَهِدُواْ فَأَمۡسِكُوهُنَّ فِي ٱلۡبُيُوتِ حَتَّىٰ يَتَوَفَّىٰهُنَّ ٱلۡمَوۡتُ أَوۡ يَجۡعَلَ ٱللَّهُ لَهُنَّ سَبِيلٗا ﴿١٥﴾

**15. Нужер руччабазул цоялъ зина гьабуни, нужеца гьеб зина гьабиялъе ункъго нуг1 ч1езаве, бусурманал,** х1уриял, г1адилал. **Гьадинав ункъго чияс нуг1лъи гьабуни нужеца гьел руччаби рукъор жанир ккун ч1езаре** (къват1ир риччаге) **Аллагьасул г1ажал т1аде щун жал хвезег1ан, яги Аллагьас аятал рещт1изарун гьезие цоги х1укму гьабизег1ан.**

Гьаб х1укму бук1ана исламалъул авалалда. Цинги сурату-Ннур рещт1изабуна ва зиначаг1азул х1укму гьениб баян гьабуна: г1олилаз зина гьабуни, гьезул щивасда нусго т1ил кьабула ва цо лъаг1елалъ ват1аналдаса къват1ир рит1ула. Цо нухалъ шарг1ияб магьари лъун росс-лъадилъун лъугьун цоцада аск1ор регарал г1адамаз зина гьабуни гьал ч1имих речч1ч1ун ч1вала. Цоял г1олилал, цоял магьари лъурал ругони, щивасе жиндир х1укму гьабула.

وَٱلَّذَانِ يَأۡتِيَٰنِهَا مِنكُمۡ فَـَٔاذُوهُمَاۖ فَإِن تَابَا وَأَصۡلَحَا فَأَعۡرِضُواْ عَنۡهُمَآۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ تَوَّابٗا رَّحِيمًا ﴿١٦﴾

**16. Нужедаса гьеб къабих1аб пиша гьабурал г1адамал: зина бугониги, ливат1 бугониги** (бихьинчиясул яги ч1ужуг1аданалъул нахъияб рахъалда жимаг1 гьаби), **нужеца гьезие рухун, кьабун, рогьоб бан г1акъуба гьабе. Цинги гьел тавбо гьабун квешаб г1амалалдаса руссани, нужеца гьезие къварилъи гьабуге. Х1акълъунго Аллагь ﷻ тавбо къабул гьабулев ва лагъзадерида гурх1улев вуго.**

Гьаб аяталъул х1укмуги насхо гьабураб буго сурату-Ннуралъул аятаз. Жидеца ливат1 гьабурал г1адамазул жинца ливат1 гьабурав г1олилав вугони нусго т1ил кьабула ва лъаг1елалъ ват1аналдаса къват1ив вит1ула, магьари лъун ч1ужу ячарав вугони, ч1имих речч1ч1ун ч1вала. Жинда

ливат1 гъабурасул х1укму цо буго: нусго т1ил къаби ва ват1аналдаса къват1иве къот1и. Жиндир х1алалай ч1ужу гурей ч1ужуг1аданалда ливат1 гъабиялъул х1укму бихьинчиясда гъабиялъул г1адаб буго. Жиндир ч1ужуялъе ливат1 гъаби шарг1алъ х1арам гъабураб къабих1аб пиша буго, амма гьезие гьаб х1ад гъаби (ч1имих реч1ч1ун ч1вай) т1алъуларо.

إِنَّمَا ٱلتَّوْبَةُ عَلَى ٱللَّهِ لِلَّذِينَ يَعْمَلُونَ
ٱلسُّوٓءَ بِجَهَٰلَةٍ ثُمَّ يَتُوبُونَ مِن قَرِيبٍ
فَأُوْلَٰٓئِكَ يَتُوبُ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ ۗ
وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١٧﴾

**17. Аллагьас къабул гьабулеб тавбо бук1уна сагьвиллъун, жагьиллъун квешаб г1амал гьабурал, цинги хеккого жал рек1екълъун, гьеб г1амалалдаса тавбоги гьабурал муъминзабазул. Гьал г1адамазул тавбо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул гьабула. Х1акълъунго Аллагь жиндир лагъзадерил г1амал лъалев ва гьезие гьабулеб х1укмуялъулъ х1акимияв вуго, г1адилав вуго.**

وَلَيْسَتِ ٱلتَّوْبَةُ لِلَّذِينَ يَعْمَلُونَ
ٱلسَّيِّـَٔاتِ حَتَّىٰٓ إِذَا حَضَرَ أَحَدَهُمُ
ٱلْمَوْتُ قَالَ إِنِّى تُبْتُ ٱلْـَٰٔنَ وَلَا ٱلَّذِينَ
يَمُوتُونَ وَهُمْ كُفَّارٌ ۚ أُوْلَٰٓئِكَ أَعْتَدْنَا
لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٨﴾

**18. Аллагьас къабул гьабулеб гьеч1о гьел г1адамазул тавбо, жидеца г1умруялъ квешал г1амалал гьарун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1ассилъунги рук1ун, цинги хвел т1ад щвараблъи лъараб мехалъ «гьанже дица тавбо гьабунаян» -абун гьабулеб тавбо.**

Гьаб буго рес къот1араб мехалъ, жив ворч1улареб бак1алде ккараб мехалъ гьабураб тавбо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго: *«Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *лагъасул тавбо къабул гьабула, гьес ч1аголъиялдаса хьул къот1инег1ан цебеккун гьабураб»*– абун. Хвалда г1агарлъун, х1ухьел ц1айи хисун лъугьараб заман буго гьеб ч1аголъиялдаса хьул къот1араб заман. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**Тавбоги гьабич1ого, куфру-ширкалда рук1ун хвалда г1агарлъун, хвел т1аде щвей лъараб мехалъ гьабураб тавбоги иман лъейги къабул гьабуларо. Дица ахираталда гьал г1адамазе гьезие ц1акъ унтизабулеб г1азаб х1адурун буго.**

Тавбо гьаби абураб раг1иялъул маг1на буго жинца гьабураб, яги гьабич1ого тараб г1амалалда рек1екълъи. Шарг1алда тавбо гьаби абула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабе абун амру гьабураб жо гьабич1ого теялда рек1екълъиялда, гьединго жинда Аллагьас гьабуге абураб х1арамаб жо гьабиялда рек1екълъиялдаги. Цох1о гьаб рек1екълъи г1оларо тавбоялъулъ. Тавбо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул гьабулеб бук1ине ккани шурут1ал рицун руго:

**1)** Жиндаса ккараб Аллагь разилъулареб г1амалалда рек1екълъун, пашманлъун, Аллагьасдаса нечон, х1инкъун вук1ин.

**2)** Хадусеб г1умруялъ жинца гьеб Аллагь разилъулареб г1амал гьабиларо абун рек1ел щулияб ният, къасд бук1ин.

**3)** Тавбо гьабулеб мехалъ жив хвалда г1агарлъун вук1унгут1и.

**4)** Жинца гьарурал мунагьал инсанасда хурхарал ругони; боц1и-мал бикъун, яги цоги нухалда хвезаби, рогьоб бай, гъибат гьаби, бугьтан лъейи ва цогидалги инсанасул х1укъукъал руго гьел; гьал мунагьазда тавбо гьаби къабуллъизе ккани шарт1 буго гьел инсанасул х1акъал т1убай: боц1и-мал бугони гьеб бец1ун, къисас босулеб ругъун бугони къисас босизе цеве ч1ун. Яги гьал киналго х1акъаздаса жиндие х1акъ бугев инсан т1аса лъугьизавун.

Цоги лъазе кколеб масъала буго: инсанас хадуб тавбо гьабилинги абун мунагь гьабизе бегьуларо жинда гьеб жо Аллагь разилъулареб г1амал бук1ин лъалебги бук1ун. Нилъеда лъаларо киг1ан г1умру нахъехун бугебали ва тавбо гьабизе Аллагьас тавпикъ гьабилебищ абунги.

Гьединго к1вар бугеб масъала буго: киг1анго инсанасул мунагьал к1удиял, г1емерал ругониги, Аллагьасул ﷻ гурх1ел, ц1об-рах1мо жиндие г1орхъи гьеч1еб буго. Гьадин бугелъул тавбо гьабун Аллагьасде вуссине инсан х1инкъизе ва нечезе бегьуларо, жиндир мунагьал г1емерал руго, к1удиял руго, Аллагь жинда гурх1иларо абун рак1алда ккун. Киг1ан ц1ик1к1ун ракl бекун инсан Аллагьасда цеве ч1арав, гьелда релълъун ц1ик1к1араб гурх1ел Аллагьасул ﷻ рахъалъан инсанасе бук1изе буго. Гьаб жиндилъ щибго щаклъи гьеч1еб масъала буго.

Къуръаналда ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул суннаталда жаниб гьелда т1орит1ел гьабулел г1емерал далилалги руго. Гьаб амру гьадин бугелъул бусурбабазда т1адаб буго тавбо гьабизе ва Аллагьасул х1акъаб диналда руссине. Аллагьас тавпикъ кьеги х1акъаб жо бич1ч1изе ва гьелда г1амал гьабизе.

**19. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужее х1алалаб гьеч1о жагьилияб заманалъул г1адаталда рекъон руччаби ирсалъе росизе, гьезда х1ал гьабун ва гьезул ихтиярал хвезарун.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا يَحِلُّ لَكُمْ أَن
تَرِثُوا۟ ٱلنِّسَآءَ كَرْهًا ۖ وَلَا تَعْضُلُوهُنَّ لِتَذْهَبُوا۟
بِبَعْضِ مَآ ءَاتَيْتُمُوهُنَّ إِلَّآ أَن يَأْتِينَ
بِفَٰحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ ۚ وَعَاشِرُوهُنَّ بِٱلْمَعْرُوفِ ۚ
فَإِن كَرِهْتُمُوهُنَّ فَعَسَىٰٓ أَن تَكْرَهُوا۟ شَيْـًٔا
وَيَجْعَلَ ٱللَّهُ فِيهِ خَيْرًا كَثِيرًا ١٩

Жагьилияб заманалъ ч1ужуялъул рос хвараб мехалъ гьей г1адан росасул ирс босулев чиясул ихтиярaлда хут1улаан: бокьани гьес жиндиего ч1ужулъун ккolaaн магьариги къеч1ого, бокьани

жиндие магьари босун цогидасе кьолаан, бокьани росасе инеги гьукъун рокъой толаан. Гьей г1аданалъул х1укму бук1ана цогидаб боц1и-малалъул г1адаб. Гьеб х1укму хвезабун решт1изабуна гьаб аят. **Нужеца гьел руччаби цоги росасе инзеги гьукъуге, нужее къвариг1ун гьеч1ониги ц1ар т1амич1ого тун. Ва гьезие къварилъиги гьабуге, жудер магьари яги цоги боц1и нужееги тун, хулг1 гьабун, гьез нужедаса хвасарлъи т1алаб гьабулеб х1алалъ.**

**Руччабазе къварилъи гьабизе бегьула,** гьез хулг1 гьаби т1алаб гьабизе **гьел руччабаз баянго къабих1аб г1амал гьабураб мехалъ:** зина гьаби г1адаб. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасицца абуна: росасда мут1иг1лъич1ого ч1ей буго къабих1лъи абун. Гьедин рос рихарай, гьесие мут1иг1лъи тарай ч1ужуялъеги бегьула хулг1 гьабун жийго хвасар гьайизе.

**Ва нужеца руччабазулгун гьабулеб цадахъаб г1умруялъулъ гьездехун лъик1аб гьалмагълъи гьабе.** Берцинаб раг1и бицун, х1алимаб, х1еренаб г1амал гьабун. Напакъа, рет1ел, ва цогидабги гьезие кьезе кколеб х1акъ хехго ва лъик1аб кьун.

**Нужеда гьел руччабазул цо-цо г1амал рихун бугони гьелдаги сабро гьабе ва гьезие гьабулеб лъик1лъи гьоркьоса къот1изабуге. Аллагьас ﷻ цо нужее рихараб жоялда жаниб г1емераб лъик1лъи гьабизе бегьула,** Аллагьасе г1оло нужеца саброги гьабуни, лъик1аб г1амалги гьабуни. Гьей ч1ужуялдаса нужее баракат бугеб лъик1аб лъимер лъугьизе бегьула, жиндалъун нуж дунялалда рохулеб, ахираталдаги нужее лъик1лъи щвеялъе сабаблъун кколеб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго: *«муъминчиясул муъминай ч1ужуялда ццим бахъунге, гьелъул цо г1амал квешаб бугониги цогидаб г1амал лъик1аб бук1уна»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Цоги аварагас ﷺ абуна: *«нужер лъик1ав чи вуго жиндирго хъизан-агьлоялъе лъик1ав чи. Нужедаса дун бищунго лъик1ав вуго дир агьлуялъе»*- абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана лъик1аб кьуч1аблъун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул т1абиг1ат бук1ана агьлуялъулгун берцинаб гьоркьоблъи гьабулеб, кидаго разиго вук1унеб, агьлуялдехун махсаро гьабулеб, гьезда гурх1улеб ва гьезие напакъаялъулъ г1ат1илъи гьабулеб. Нилъедаги т1адаб буго хирияв аварагасул ﷺ т1абиг1аталда черх ва напс куцизе. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ нилъеда абун буго: «нужее берцинаб нахърилълъин

буго Аллагьасул расуласда»-абун.

وَإِنۡ أَرَدتُّمُ ٱسۡتِبۡدَالَ زَوۡجٖ مَّكَانَ
زَوۡجٖ وَءَاتَيۡتُمۡ إِحۡدَىٰهُنَّ قِنطَارٗا
فَلَا تَأۡخُذُواْ مِنۡهُ شَيۡـًٔاۚ أَتَأۡخُذُونَهُۥ
بُهۡتَٰنٗا وَإِثۡمٗا مُّبِينٗا ٢٠

**20. Нужее бокьун бугони цо ч1ужу йиччазе ва гьелъул бак1алда цоги ч1ужу ячине ва жий нахъ йиччалей ч1ужуялъе нужеца г1емераб боц1и магьариде кьун бук1ун батани, нужеца гьеб боц1иялдаса щибго жо нахъе босуге. Гьеб бук1уна к1удияб мунагьлъун.**

وَكَيۡفَ تَأۡخُذُونَهُۥ وَقَدۡ أَفۡضَىٰ
بَعۡضُكُمۡ إِلَىٰ بَعۡضٖ وَأَخَذۡنَ مِنكُم
مِّيثَٰقًا غَلِيظٗا ٢١

**21. Кин нужеца гьеб боц1и нахъ босулеб, мун гьей ч1ужугун цадахъ вегунги вук1адго ва гьел руччабаца нужедаса щулияб къот1иги босун бук1адго.**

Нужее магьари лъун ва нужеца гьел берцинго, шарг1алда рекъон хьихьизе къот1и гьабун, гьедин хьихьизе к1олеб гьеч1они гьезие щибго къварилъи гьабич1ого нахъ риччазе къот1и гьабун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца цоцазде амрувасият гьабе руччабазе лъик1лъи гьабиялдалъун. Х1акълъунго нужеца гьел рачана Аллагьасул аманаталдалъун (нужеда божизарун), ва гьел нужее х1алалги гьаруна Аллагьасул ﷺ амруялдалъун магьариги кьун»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Руччабаца росасе унаго г1емераб боц1и магьариде кьейи т1алаб гьаби шарг1алда беццараб гьеч1о. Магьариде лъураб боц1и гьезие къеч1ого ч1ейги шарг1алда х1арамаб буго. Г1емерал россал руго магьариде лъураб боц1и ч1ужуялъе кьоларел, Гьабги шарг1алда х1арамаб буго.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица Г1умар رضي الله عنه асх1абасдаса бицараб х1адисалда буго: *«Нужеца руччабазе кьолеб магьари г1орхъи хвезабун г1емер гьабуге. Г1емераб боц1и магьариде боси ва кьейи жиндилъ дунялалъул яги ахираталъул лъик1лъи бугеб жо бук1арабани, яги Аллагьасдаса х1инкъиялъе г1аламат бук1арабани, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьабилаан гьеб. Хирияв аварагас ﷺ жиндие ячуней ч1ужуялъе магьариде кьеч1о, ва жиндир ясал кьолаго магьариде босич1о,ункънусго диргьамалдаса г1емер жо»*- абун.

Доб заманаялъ диргьам абулеб бук1ана г1арцол (серебро), гьабураб шагьи-кепекалда (монета).

وَلَا تَنكِحُواْ مَا نَكَحَ ءَابَآؤُكُم
مِّنَ ٱلنِّسَآءِ إِلَّا مَا قَدۡ سَلَفَۚ إِنَّهُۥ كَانَ
فَٰحِشَةٗ وَمَقۡتٗا وَسَآءَ سَبِيلًا ٢٢

**22. Нужеца ч1ужулъун ячунге нужер инсул рук1арал руччаби. Жагьилияб заманалъ гьабун бук1араб жо т1аса лъугьун тола. Гьеб инсул йик1арай**

**ч1ужу ячин ц1акъ сурукъаб жо буго, ва Аллагьасул ццин бахъунебги буго, ва инсан жиндилъ лъугьунеб ц1акъ квешаб нухги буго,**
ц1акъ нич т1аг1арав, чорхолъ инсанасул т1абиг1аталго гьеч1ев, х1айван мах1ав чияс гурони гьединаб жо гьабуларо. Инсуда гъоркь йик1арай ч1ужу шарг1алда гьезул эбелалда релълъун йик1уна ва гьелда квер хъван какие чуриги бихуларо. Гьелда аск1ов лъугьарав чиги жив гьавурай эбелалда аск1ов лъугьарасда релъун вук1уна.

حُرِّمَتْ عَلَيْكُمْ أُمَّهَٰتُكُمْ وَبَنَاتُكُمْ وَأَخَوَٰتُكُمْ وَعَمَّٰتُكُمْ وَخَٰلَٰتُكُمْ وَبَنَاتُ ٱلْأَخِ وَبَنَاتُ ٱلْأُخْتِ وَأُمَّهَٰتُكُمُ ٱلَّٰتِىٓ أَرْضَعْنَكُمْ وَأَخَوَٰتُكُم مِّنَ ٱلرَّضَٰعَةِ وَأُمَّهَٰتُ نِسَآئِكُمْ وَرَبَٰٓئِبُكُمُ ٱلَّٰتِى فِى حُجُورِكُم مِّن نِّسَآئِكُمُ ٱلَّٰتِى دَخَلْتُم بِهِنَّ فَإِن لَّمْ تَكُونُوا۟ دَخَلْتُم بِهِنَّ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ وَحَلَٰٓئِلُ أَبْنَآئِكُمُ ٱلَّذِينَ مِنْ أَصْلَٰبِكُمْ وَأَن تَجْمَعُوا۟ بَيْنَ ٱلْأُخْتَيْنِ إِلَّا مَا قَدْ سَلَفَ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٢٣﴾

23. **Нужее руччабилъун рачине х1арам гьаруна нужер улбул:** жудеца нуж гьарурал ва гьел улбузул эбелалги, инсул улбулги. **Ва нужер ясалги.** Нужер ясазул ясалги, васазул ясалги. **Ва нужер яцалги, ва нужер имсул яцалги ва нужер улбузул яцалги ва нужер вацасул ясалги ва нужер яцалъул ясалги. Ва нуж хахизарурал улбулги х1арамлъула ва рахьдал яцалги х1арамлъула.**
Гьединго хахиялъул рахъалъан х1арамлъула насабалъул рахъалъан х1арамлъулел киналго руччабиги. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Хахиялдалъун х1арамлъула насабалдалъун х1арамлъулел руччаби»*–абун. Х1адис имам Муслимица бицана.
**Гьединго нужее х1арамлъула нужер руччабазул улбулги.** Цох1о ясалда магьари лъеялдалъун, гьелда аск1ов къач1ого рат1алъаниги, гьей ясалъул эбел х1арамлъула. **Нужер руччабазул цогидазе гьарурал ясалги х1арамлъула, нужер рукъор хьихьулел.** Рукъор хьихьун гьеч1ониги х1арамлъула руччабазул ясал, **нужеца гьел руччабазда магьари лъун аск1ор регун ругони. Гьел руччабазда магьари лъун хадуб гьезда аск1ор къач1ого нуж рат1алъани, цинги гьезул ясал рачине х1арамлъуларо.**
**Нужер наслабазул васаз рачун рук1арал руччабиги х1арамлъула нужее. К1иго яц ч1ужулъун ячинеги х1арамаб буго** цадахъ рачун ругониги, цояй ят1а гьайич1ого цогидай т1ад ячун йигониги. **Жагьилияб заманалъ бук1араб жо Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **т1аса лъугьун**

**тола. Х1акълъунго Аллагь жив гурх1улев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

Гьадинаб ригьин бугев чи исламалда вач1ани, гьес цояй нахъ йиччазе ккола. К1иго яц цадахъ ч1ужулъун йик1ине бегьулареб г1адин, ч1ужуялъул эбелалъул яц, инсул яцги бегьуларо гьелда цадахъ ч1ужулъун рук1ине, гьелъул вацасул яс, яцалъул ясги бегьуларо.

**24. Ва росасда ругел руччабиги х1арамлъула нужеца рачине. Нуж Аллагьасул тущбабазда рагъула рук1ун асир гьарун рач1арал капуразул руччаби х1арамлъуларо.**

Гьал руччабазул россаби рук1ун ратаниги. Гьал асир гьариялдалъун капурчиясул ч1ужулъун йик1иналдаса яхъун ккола. Жиндир рах1муялда жаниб лъимер гьеч1еблъи лъазе цо нухалъ х1айиз бач1инег1ан тун, цинги гьай г1адан бусада кквезе бегьула гьалъул сайидлъун вугев чияс.

﴿ وَالْمُحْصَنَاتُ مِنَ النِّسَاءِ إِلَّا
مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ كِتَابَ اللَّهِ
عَلَيْكُمْ وَأُحِلَّ لَكُم مَّا وَرَاءَ ذَٰلِكُمْ أَن تَبْتَغُوا
بِأَمْوَالِكُم مُّحْصِنِينَ غَيْرَ مُسَافِحِينَ فَمَا
اسْتَمْتَعْتُم بِهِ مِنْهُنَّ فَآتُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ
فَرِيضَةً وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيمَا تَرَاضَيْتُم
بِهِ مِن بَعْدِ الْفَرِيضَةِ إِنَّ اللَّهَ
كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٢٤﴾

**Гьаб цебехун бицараб жо Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее гьабураб х1укму буго,** ригьин гьабизе х1арамал руччаби рицун. **Гьал гурел цогидал руччаби Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее х1алал гьаруна** нужее гьел рачине бокьани, **гьезие магьариде боц1иги кьун, шарг1алда рекъараб х1алалъ гьезулгун г1умру гьабизе ва х1арамаб зина гьабулеллъун рук1унгут1изе.**

**Нужер гьава-напсалъул мурад т1убан, гьел руччабаздаса нужеца мунпаг1ат босулеб бугеб г1адин, гьезие кьезе къот1и гьабураб магьариги кье, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеда т1ад паризаяблъун гьабураб. Нужеца руччабазе магьариде кьезе бугеб боц1и бицун ва нуж к1иялго гьелда рекъон хадуб ч1ужуялъ гьеб магьариялдаса цо бут1а т1аса лъугьун нужее тани, гьелъул нужее щибго мунагьх1акъ гьеч1о. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзадерил маслах1атал лъалев вуго ва гьезие гьарулел х1укмабазулъ х1акимияв вуго.**

**25. Нужедаса узденал, муъминал, руччаби рачине х1ал к1оларев чи.** магьариде кьезе, хадуб напакъаде кьезе боц1и гьеч1ого, жанир ч1езе мина

وَمَن لَّمْ يَسْتَطِعْ مِنكُمْ طَوْلًا أَن
يَنكِحَ الْمُحْصَنَاتِ الْمُؤْمِنَاتِ فَمِن مَّا
مَلَكَتْ أَيْمَانُكُم مِّن فَتَيَاتِكُمُ

ٱلْمُؤْمِنَٰتِ ۚ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِإِيمَٰنِكُم ۚ
بَعْضُكُم مِّنۢ بَعْضٍ ۚ فَٱنكِحُوهُنَّ بِإِذْنِ
أَهْلِهِنَّ وَءَاتُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ بِٱلْمَعْرُوفِ
مُحْصَنَٰتٍ غَيْرَ مُسَٰفِحَٰتٍ وَلَا مُتَّخِذَٰتِ
أَخْدَانٍ ۚ فَإِذَآ أُحْصِنَّ فَإِنْ أَتَيْنَ
بِفَٰحِشَةٍ فَعَلَيْهِنَّ نِصْفُ مَا عَلَى
ٱلْمُحْصَنَٰتِ مِنَ ٱلْعَذَابِ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ
خَشِىَ ٱلْعَنَتَ مِنكُمْ ۚ وَأَن تَصْبِرُوا۟
خَيْرٌ لَّكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٢٥

гьеч1ого ва цогидалги хъизан-рукъалъул чара гьеч1ого жинда х1ажалъулеб жо гьеч1ого. **Гьал муъминзабазе бегьула цогидав чиясул иман лъурайлъун йигей гъарабаш ячине. Нужер рак1азулъ бугеб иман Алагьасда** ﷺ **лъала.** Ай загьиралда нужеда гьоркьоб х1укму гьабула нуж загьиралда иманлъун рук1иналдалъун. Амма нужер рак1азулъ иман бугищ, яги гьеч1ищ абураб жо цох1о Аллагьасда лъала. **Киналго г1адамал цох1о насло-тухум буго:** Адамил лъимал руго. Гьадин бугелъул нуж цоцазде ч1ух1ун рук1унге ва гъарабаш ячинеги ч1ух1уге, гьей иман лъурай йигеб мехалъ ва х1урияй ячине х1ал к1веч1еб мехалъ. **Гьал гъарабашал нужеца раче гьезул сайидасдаса изноги т1алаб гьабун ва г1адат билълъараб боц1иги магьариде льун.** Гъарабашал руго абун гьел г1одорег1ан гьарун магьари кьеч1ого тун, яги магьариялдаса цо бут1а кьеч1ого тун хиянат гьабуге. **Гъарабашал раче жал рац1ц1адал ва зина-хъат1а гьабиялъул хабар баккич1ел. Ва жидеца балъго зина гьабулев гьудулги ккве ч1ел.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб аяталда жаниб Аллагьас нагью гьабулеб буго зина-хъат1а г1адал къабих1ал пишабаздаса «загьирго гьарулел ва балъго гьарулелги»-абун.

Г1алимзабаз абуна: «مُسَٰفِحَٰتٍ» абураб раг1иялдаса мурад буго жидеца загьирго зина гьабулел ва жидеда аск1ов щив чи лъугьаниги гьев нахъ ч1валарел абураб. «مُتَّخِذَٰتِ أَخْدَانٍ» абураб раг1иялдаса мурад буго жидеца зина гьабизе цо гьудулги ккун рос-лъади ругел г1адин зинаялда рук1унел абураб.

Гьаб аяталда жаниб гьадинаб зина гьаби гъарабашазул бицунеб бак1алда бициналъе г1илла буго жагьилаб заманалъ х1уриял, жидер черхалъул ва напсалъул къадро гьабулел руччаби зина гьабулел рук1инч1о. Гьел жидерго ва жидер вализабазул: эмен, вац, васасул къадро ц1унарал рук1ана. Зина гьабизе къвариг1арав чияс гъарабашал ц1ехолаан жиндир шагьват т1убазе.

Исламалъул авалалдаги гъарабашал ругеб заман бук1индал ва х1урияй ч1ужу ячине рес гьеч1ев чи зинаялда ккеялдаса ц1уни сабабалъе гьел гъарабашал рачине изно кьун бук1ана, жал рац1ц1адал, жидер

къадро ц1унарал ва иман лъурал рук1ин шарт1ги гьабун. Нагагь гьел гъарабашаз зина гьаби загьирлъани, гьезда х1адги кьабулеб бук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго: *«Нужер цоясул гъарабашалъ зина гьабураб мехалъ, гьей гъарабаш йиче квасул рухьеналъухъ йичунги»*–абун. ай гьей нужедаса рик1к1ад гьае абураб маг1на буго. Х1адис имам Аннасаияс бицана.

Гьаб нилъер заманаялъ бусурманал руччабаз гьабулеб хьвада-ч1вади жагьилаб заманалъул гъарабашазулалдасаги г1орхъолъан борч1араб буго. Жидер черхалъул ц1ик1к1арасеб рахъги рат1лидаса г1иц1ц1 гьабун, Аллагьас ﷻ бижараб гьумер- к1алалъул сипатги хисизабун, щибго Аллагьасдаса, яги г1адамаздасаги нечеч1ого, жудер вализабиги х1акъир гьарун, хьвадулел руго.

Г1алимзабазул цо къокъаялъ гьанжеялдаса г1езег1анго цересел соназ абулеб бук1ана: «Гьал г1аврат бахчич1ого къват1ахъе хьвадулел руччабазул х1укму гъарабашазул х1укму буго»–абун. Гьаб раг1иялъул маг1наги буго гьел ричун росизеги бегьила, цинги гъарабашал г1адин босада кквезеги бегьила абураб.

Гьаб раг1и шарг1алда борцунеб раг1и гуро ва жинда г1амал гьабизе бегьулеб раг1иги гуро. Ва амма гьаб раг1иялъул маг1на бит1араб буго. Гьедиг1ан жалго жидеца инжит гьарун руго бусурбабазул руччаби ва ясал. Ваг1за-насих1ат гьабун кант1улеб х1алги гьеч1о, бицараб жо бич1ч1изе г1акълуги гьеч1о. Исламалъул, Аллагьасул диналъул асар гьезул чорхолъ гьеч1о ва кинабго купру-ширкалъул агьлуялъул т1абиг1ат хьвадизабулеб буго.

Хирияв аварагасул ﷺ х1адис буго: *«Цо чияс щиб къавмалда релълъинлъи гьабуниги, гьев чи гьеб къавмалдаса вук1уна»* – абун. Х1адис ибну Х1ибаница бицана.

Жиндир диналъул к1вар бугев чияс гьадинал руччаби рачизе бегьиларо, гьездаса лъугьараб наслоги баракат гьеч1еб бук1ина. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нилъеда амру гьабулеб буго жиндир дин бугей ва т1абиг1ат-г1амал лъик1ай ч1ужу яче абун.

Аллагьас иманалда т1орит1еги ва лъик1аб г1амал гьабиялде рачаги киналго гьава-напсалъ ва щайт1аналъ гуккарал г1адамал. Аллагьас нилъер иманги камил гьабеги ва х1акъаб нухда хьвадизе квербакъиги гьабеги. Амин.

**Гъарабаш росасе ун хадуб гьелъ зина гьабураб мехалъ, гьелда х1ад кьабула муъминал, х1уриял руччабазда кьабулеб х1адалъул бащадаб.** (К1икъоялда анц1го т1ил кьабула ва бащадаб лъаг1елалъ ват1аналдаса къват1ир рит1ула).

Гъарабашал рачине х1алал гъабуна, **х1урияй ячине рес гъеч1ого зина ккеялдаса х1инкъарав чиясе. Амма нужеда сабро гъабизе к1вани:** зинаялдаса напс ц1унизе к1вани гъарабашалги рачинч1ого, **гьеб нужее лъик1 буго. Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинца мунагьал рахчулев, лагъзадерида гурх1улев вуго.** Гъарабаш ячун лъугьараб лъимер гьей гъарабашалъул сайидасе лагълъун бук1уна, гьаб г1илла буго гъарабаш ячинч1ого сабро гьаби лъик1аб буго абураб раг1иялъул.

يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُبَيِّنَ لَكُمْ وَيَهْدِيَكُمْ سُنَنَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ وَيَتُوبَ عَلَيْكُمْ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ٢٦

**26. Т1адег1анав Аллагьасе бокьула жинца нужее баян гьабизе** нужее диналъул ва дунялалъул маслах1ат бугеб **кинабго амру, ва нужги т1орит1изе нужеда церехун рук1арал аварагзабазул ва лъик1ал муъминзабазул нухалда. Ва Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьула нужеца мунагьаздаса тавбо гьабизе, ва жинца гьеб тавбоги къабул гьабула. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзадерил киналго ах1валал лъалев вуго, ва гьезие лъолеб шарг1ияб нухалъулъ х1акимияв вуго.**

وَٱللَّهُ يُرِيدُ أَن يَتُوبَ عَلَيْكُمْ وَيُرِيدُ ٱلَّذِينَ يَتَّبِعُونَ ٱلشَّهَوَٰتِ أَن تَمِيلُوا۟ مَيْلًا عَظِيمًا ٢٧

**27. Т1адег1анав Аллагь нужеца тавбо гьабизе бокьулев вуго,** ва нуж жиндир шарг1алда нахърилълъине бокьулев вуго, цинги жинца нуж киналго мунагьаздаса рац1ц1ад гьаризе. **Ва амма жал къосарал, щайт1аналъул нухалда хьвадулел г1адамазе бокьула нуж х1акъаб нухалдаса руссине,** ва гьездаго релълъарал фасикъзаби, зиначаг1и, зулмучаг1илъун рук1ине.

يُرِيدُ ٱللَّهُ أَن يُخَفِّفَ عَنكُمْ ۚ وَخُلِقَ ٱلْإِنسَٰنُ ضَعِيفًا ٢٨

**28. Аллагьасе бокьула нужеда т1ад бигьаял шарг1иял ах1камал лъезе,** ва х1алк1веч1еб жо гьабич1ин абун нужее г1акъуба гьабуларо. **Инсанасул вижин заг1ипаб буго:** жиндир гьава напсалда данде ч1езе к1оларев, щайт1аналъ гуккулев, шагьватаз г1акъло инабулев, руччабазда аск1ов ккедал гьезул х1илла ва сих1ро лъач1ого жив къосун кколев.

Инсан гьединав заг1ипав вижун вугелъул Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьал церехун арал аятазулъ такрар гьабун чамго нухалъ тавбо гьабиялъул бицана ва жив гурх1улев, тавбо къабул гьабулев вук1инги бицана. Мунагь-хат1а кколарев чи вук1унаро аварагзаби гурел. Г1акъилав чияс жиндир г1амалалъул х1исаб гьабула щибаб г1ужалъ. Ва гьава-напсалда, щайт1аналда къеркьолевлъун вук1уна, ккарал

мунагьазда ракl бухlун тавбо гьабулевги вукlуна. Ахlмакъав чи жиндир гьава-напсалда нахъвилълъун, щайтlаналъ гуккун, кинабго жинца гьабулеб гlамал жинда берцин бихьун вукlуна: гьасда Аллагьги ракlалда щоларо, жинца тавбоги гьабуларо. Ахираталда Аллагьасда гьев чиги ракlалде щоларо ва гьев абадияб жужахlалъул гlазабалъулъ хутlула.

Аллагьас нилъее гlелму ва гlакъло кьеги.

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَأۡكُلُوٓاْ أَمۡوَٰلَكُم
بَيۡنَكُم بِٱلۡبَٰطِلِ إِلَّآ أَن تَكُونَ تِجَٰرَةً عَن
تَرَاضٖ مِّنكُمۡۚ وَلَا تَقۡتُلُوٓاْ أَنفُسَكُمۡۚ
إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُمۡ رَحِيمٗا ٢٩

**29. Я гьал иман лъурал гlадамал! Нужеца цояз цоязул боцlи кванаге шаргlияб нух гьечlого:** бикъун, бахъун, риба гьабун, кагъат тlами гьабун, цогидал кинал ругониги хlарамал нухазда кванаге цоцазул боцlи. **Нуж кlиялго разилъун гьабураб даран букlуна нужеца хlалалаб хlалалда боцlи кваналеб нухлъун. Ва нужеца цояз цоялги чlваге.** Цо-цазда кьабун ругъналги гьаруге. **Хlакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужеда гурхlулев вуго,** ва нужер дунялалъеги ахираталъеги лъикlаб жо нужеда малъулев вуго.

وَمَن يَفۡعَلۡ ذَٰلِكَ عُدۡوَٰنٗا وَظُلۡمٗا فَسَوۡفَ نُصۡلِيهِ
نَارٗاۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرًا ٣٠

**30. Гьаб нужеда гьабугеян абураб жо гьабулев чи, жинда гьеб хlарамаб букlин лъалаги букlун,** Аллагьасул амроялъул кlвар гьабичlев, гьесдаса хlинкъичlев чи вуго. **Дица гьев чи ахираталда цlакъ боркьараб жужахlалъуве лъугьизавила, ва гьеб Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цlакъ бигьаго гьабизе кlолеб жо буго.**

إِن تَجۡتَنِبُواْ كَبَآئِرَ مَا تُنۡهَوۡنَ عَنۡهُ
نُكَفِّرۡ عَنكُمۡ سَيِّـَٔاتِكُمۡ وَنُدۡخِلۡكُم
مُّدۡخَلٗا كَرِيمٗا ٣١

**31. Нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хlарам гьабураб жо гьабун кlудияб мунагь гьабиялдаса рикlкlалъун, цlунун чlани, Аллагьас нужер гlисинал мунагьал рахчун тела,** жиндир цlоб-рахlматалдалъун. **Ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж берцинаб, лъикlаб бакlалде лъугьизарила-**гьеб бакlги алжан буго.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасида гьикъана: «Кlудиял мунагьал анкьгойищ ругел» абун. Ибнугlаббасица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: «Кlудиял мунагьал анкьго рукlиналдаса анкьнусго рукlиналда гlагарал руго (ай гlемерал руго). Ва амма тавбо гьабун, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарун, мунагьал рахчи тlалаб гьабулев чиясул мунагь кlудияб букlунаро, ва жинда тlад чlараб мехалъ цоники мунагь гьитlинабги

бук1унаро»-абун. Ай мунагь бук1инги лъалебги бук1адго гьит1инаб мунагь гьабулев вугони, гьеб к1удияб мунагьалда сверула.

Цоги жинда Аллагь ризалъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Кинабниги жиндилъ Аллагьасде г1асилъи бугеб жо к1удияб мунагь буго»-абун. Гьаб раг1иялъул маг1на буго: бокьун, лъан Аллагьасде г1асилъи абураб. Хат1аълъун, гьалат1лъун, гьапуллъун, жинда лъач1ого ккараб г1асилъи Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ т1аса лъугьунеб бук1уна.

Жудеда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб сах1их1аб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нуж рик1к1алъе нужер киналго г1амалазул кири хвезабулеб анкьго к1удияб мунагьалдаса»- абун. Цояс абуна: щал ругел гьел мунагьал я Расулаллагь* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Т1адег1анав Аллагьасда* جَلَّ جَلَالُهُ *ширк гьаби буго* цо*, шарг1ияб г1илла гьеч1ого Аллагьас х1арам гьабураб нафс ч1вайги буго* к1иго*. Сих1ро гьабиги буго* лъабго*, риба гьабун боц1и кванайги буго* ункъго*. Ятимзабазул боц1и кванайги буго* щуго*. Рагъдаса лъутиги буго* анлъго*. Жидеда щибго г1айиб гьеч1ел руччабазда рогьоб байги буго (зина гьабиялдалъун рогьоб бай)* анкьго*»*- абун.

Гьаб анкьго гурони к1удияб мунагь гьеч1о абураб маг1на гуро гьаб х1адисалъул. Цогиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисал г1емер руго гьал гурелги к1удиял мунагьал рицарал. Гьел х1адисазулъ к1удиял мунагьаллъун рик1к1ун руго: эбел-имсуе г1акъуба-къварилъи гьаби, гьереси бицин, гьересияб нуг1лъи гьаби, пакъирлъиялда х1инкъи. Лъимер хьихьизе бокьич1ого хвезаби (лъимер бахъи, реххи, аборт) зина гьаби, ливат1 гьаби, гьересияб гьа гьеди, рогьоб бай, варисзабазе зарал гьабун васият гьаби, дармилъ хиянат гьаби, ц1адиро- къали нукъсан гьаби, дин дунял т1алаб гьабиялъе сабаблъун ккввей. Цогиги г1емер руго к1удиял мунагьал. Ибнух1ажарица к1удиял мунагьал рицун ва гьездаса ц1унулеб къаг1ида бицун т1ехь гьабун буго жинда жаниб щунусго г1анасеб к1удияб мунагь бицараб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул к1удиял мунагьал рицунел х1адисазул щибалъул авалалда рехсон буго Аллагьасда ширк гьаби абураб раг1и. Гьеб г1адамаз ц1акъ к1вар гьабич1ого тараб масъала буго. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб г1ибадат цоги жоялъе гьабураб мехалъ гьев чи мушрик вук1уна, исламияб диналдаса вахъула ва кафурал г1адамазда гьоркьов ккола. Х1адисалда жаниб «Аллагьасда ширк гьаби бищун к1удияб мунагь буго» абураб мехалъ гьалъул маг1на бук1уна: Аллагьасе г1ибадат гьаби, ва гьеб Аллагьасе гьабулеб

г1ибадаталдалъун цоги щив вугониги инсан разилъи т1алаб гьаби. Гьалда рияъ абунги абула. Г1адамазе берцин вихьизе, лъик1 вихьизе бокьун г1амал гьаби буго гьеб.

Цоги гьаб ширк бук1уна Аллагьасда ах1и базе кколел ва гьаризе кколел умуразулъ цоги инсанасда ах1и бай, гьев инсанас Аллагьасда аск1об дуе кумек гьабиялда божун ва хьул лъун. Гьалда релълъарал г1емер бак1ал руго инсан ширкалъулъ кколел, к1удияб мунагьалъулъ кколел, гьев чи бусурман чи вуго абураб сипаталдаса вахъич1ониги.

Ц1аларал чаг1азул к1удияб г1айиб буго г1адамазда гьаб масъала бициналъулъ гьез гьабулеб тохлъиялдалъун. Жидер жагьиллъиялъ г1емерисел г1адамазда рак1алде кколеб буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ширк гьаби бугин гьев Аллагьасе балеб как цоги чиясе бай ва гьесие гьабулеб сужда инсанасе гьаби. Гьалда к1удияб ширк абула, гьав чиги бусурманчи вук1унаро. Бусурманчиясда хит1абги гьабун абураб мехалъ: «Аллагьасда ширк гьаби к1удияб мунагь буго»- абун, гьалъул маг1на бук1уна жиндир г1амалалъул кири холеб, жив мунагьалъулъ кколеб ширк абураб.

Жидеда Аллагь разилъаял к1удиял асх1абзаби ц1акъ х1инкъулел рук1ана нипакъалдаса ва ширкалдаса. Нилъ иман заг1ипал, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъи дагьал рук1иналъул г1аламат буго нилъ гьаб к1иго к1удияб мунагьалдаса х1инкъулел гьеч1олъи, ва гьаб масъала к1вар гьабич1ого тейги.

Аллагьас нилъее жив разияб г1елму, ва г1амал кьеги.

وَلَا تَتَمَنَّوْا مَا فَضَّلَ ٱللَّهُ بِهِۦ بَعْضَكُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ لِّلرِّجَالِ نَصِيبٌ مِّمَّا ٱكْتَسَبُوا۟ وَلِلنِّسَآءِ نَصِيبٌ مِّمَّا ٱكْتَسَبْنَ وَسْـَٔلُوا۟ ٱللَّهَ مِن فَضْلِهِۦٓ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمًا ﴿٣٢﴾

**32. Нужеца хьул халат гьабуге, ва х1алхъублъи гьабуге Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер цоял цогидаздаса т1ок1 гьарун рук1иналда. Бихьиназе жидеца гьабураб г1амалалъул кири ажро бук1ине буго.** Жигьад гьабиялъул, хъизан-рукъалъул т1алаб ва тарбия гьабиялъул. **Руччабазеги жидеца гьабураб г1амалалъул кири бук1ине буго:** росазе мут1иг1лъиялъул, къабих1аб пиша гьабич1ого теялдалъун жидер къадро ц1униялъул. **Нужеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьаре нужее камилаб иманги х1алалаб боц1иги кье абун,** Аллагь ц1акъ сахаватав вуго ва жинца гьарараб жо кьолевги вуго. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда кинабго жо лъалев вуго.**

Гьеб лъаялдалъун кьола Аллагьас щивав инсанасе жиндие кьезе мустах1икъаб жо. Дунялалъул боц1и бугониги, г1елму-дин бугониги. Гьаб аят решт1иналъе сабаб бицана: жинда Аллагь разилъаяй

Уммусалматица Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасда абуна: *«Я расулаллагь* ﷺ*! Бихьинал гъазаваталда ун гьелъул ажро кири босулел руго, нижее гъазават гьечӀо. Ирсалдасаги нижее бихьиназе бугелъул бащадаб гурони гьечӀо»*-абун. Цинги ТӀадегӀанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аят рештӀизабуна (32 аят). ХӀадис имам АхӀмадица бицана.

**33. Щивав инсанасе гьезул ирс босулел гӀагарал чагӀи гьаруна Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ**: эбел-имсул ва цогидал гӀагарал гӀадамазул ирс босулел. Жагьилияб заманалъ къотӀи гьабун ва гьа гьедун рукӀарал гӀадамазе гьезие кколеб бутӀа кье.**

وَلِكُلٍّ جَعَلْنَا مَوَٰلِىَ مِمَّا تَرَكَ ٱلْوَٰلِدَانِ وَٱلْأَقْرَبُونَ ۚ وَٱلَّذِينَ عَقَدَتْ أَيْمَٰنُكُمْ فَـَٔاتُوهُمْ نَصِيبَهُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ شَهِيدًا ﴿٣٣﴾

Гьаб хӀукму исламалъул авалалда букӀана, цинги ирсалъул аятал рештӀизарун насхо гьабуна. **ХӀакълъунго Аллагь жинда кинабго жо бихьулев, лъалев вуго,** ва щивав чиясе жиндир гӀамалалда рекъараб жазаъ гьабулев вуго.

**34. Бихьинал руччабазда тӀад ругел руго гьезда амру- нагью гьабиялъулъ, гьезие напакъа кьеялъулъ, ва кинабго гьезие маслахӀат бугеб жо гьабиялъулъ.**

ٱلرِّجَالُ قَوَّٰمُونَ عَلَى ٱلنِّسَآءِ بِمَا فَضَّلَ ٱللَّهُ بَعْضَهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ وَبِمَآ أَنفَقُوا۟ مِنْ أَمْوَٰلِهِمْ ۚ فَٱلصَّٰلِحَٰتُ قَٰنِتَٰتٌ حَٰفِظَٰتٌ لِّلْغَيْبِ بِمَا حَفِظَ ٱللَّهُ ۚ وَٱلَّٰتِى تَخَافُونَ نُشُوزَهُنَّ فَعِظُوهُنَّ وَٱهْجُرُوهُنَّ فِى ٱلْمَضَاجِعِ وَٱضْرِبُوهُنَّ ۖ فَإِنْ أَطَعْنَكُمْ فَلَا تَبْغُوا۟ عَلَيْهِنَّ سَبِيلًا ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلِيًّا كَبِيرًا ﴿٣٤﴾

Аллагьас жал тӀокӀ гьарун рукӀиналдалъун гӀакълу тадбиралъулъ, бахӀарчилъиялъулъ, ва хӀалтӀи гьабун магӀишат тӀалаб гьабиялъулъ. Гьеб магӀишаталдаса руччабазе нафакъа кьолел рукӀиналъулъги. Гьал тӀокӀлъаби жидее рукӀиналъ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бихьинал хасс гьаруна авараглъиялда, имамлъиялда, гъазават гьабиялда ва цогидал умуразда. Гьаб амру гьадин бугелъул руччаби кӀиго батӀиял тайпа руго.

**ЛъикӀал руччаби руго Аллагьасда мутӀигӀал, хадуб жидер росазеги мутӀигӀлъарал. Жидеда тӀад ругел хӀукъукъалги тӀубалел: жидерго напс къабихӀаб пишаялдаса цӀунулел, гьезда божилъи гьабураб рукъалъул магӀишатги цӀунулел ва гӀадада хвезабуларел, рос-лъадиялда гьоркьоб бугеб жинсияб ва цогидаб балъголъи цӀунун гьеб къватӀибги бицунарел.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хӀадис буго:

*«къиямасеб къоялъ Аллагьасда аскlор чlолеб бакlалъул рахъалъан гlадамазул бищунго квешал руго* (ай щибго жидее къадро-къимат гьечlел руго) *жал цо-цазда аскlор регулел, цинги жидер напсиял балъголъаби къватlир рицулел рос-лъади. Гьел гlадамал цlакъ ахlмакъал гlадамал руго»*- абун.

Гьезул мисал буго тlасан ретlелги бахъун жиндир чlужу, яги рос гlадамазда цеве вахъун чlезавиялда релълъараб.

Квешал руччабазул бицун Аллагьас абулеб буго: **Нужеда мутlигlлъиялдаса руччаби рахъиналда хlинкъараб мехалъ, гьезда берцинаб вагlза-насихlат гьабун, гьез гьабулеб гlамал квешаб букlин бице, ва гьел лъикlаб рахъалда рачине яхl бахъе. Вагlзаялъ мунпагlат гьабулеб гьечlони, дагьаб заманаялъ, гьезда аскlор регун ругониги, гьездахун махсаро гьабичlого, жимагl гьабичlого, хабар бицинчlого те. Цинги гьел руччаби мутlигlлъулел гьечlони ва квешаб гlамалги толеб гьечlони, гьезда кьабе: гьумералда кьабичlого, ва квеш кьабичlого. Нужее руччаби мутlигlлъун ругеб мехалъ нужеца нухал ралагьуге гьезие къварилъи гьабизе. Хlакълъунго Аллагь ﷻ Тlадегlанав ва Кlудияв вуго.**

Аллагь ﷻ гьел руччабазул вали (Бетlергьан) вуго ва жиндир лагъзадерие зулму гьабураздаса жинца ццим босулев вуго. Рос чlужуялдаса къуватав, гьелъие зулму гьабизе кlолев вугониги Аллагьасул къуват-гуч цlакъго кlудияб буго, ва загlипал, жидее зулму гьабурал гlадамазе жинца квер бакъулев, ва гьезие рецlел босулев вуго.

Мухlаммад Гlали Сабунияс абуна: Тlадегlанав Аллагьас жиндир каламалъулъ абуна. «Аллагьас цоял цояздаса тlокl гьарун рукlиналдалъун» абун. Гьалъул хlикмат буго: росс черхалъул бетlер гlадин ватани чlужу гьеб черх буго ва гьаб кlиябго жо цоялъ цояб тlубазабулеб, кlиябго цо-цазда хlажатаб буго. Гьадин бугелъул росасе тlокlлъи букlин чlужуялъул гlайиб гьечlо яги росасул гьунар гьечlо.

Масала, инсанасул ракl кванил рукъалдаса хирияб букlин, бетlер квералдаса тlокlаб ва къиматаб букlин, гьев инсанасе ничаб жо гьечlо. Цо лага цоги лагаялдаса чlухlизе бегьуларо. Бералъ гlей гьабуларо гlин гьечlого, квералъ гlей гьабуларо хlетlе гьечlого. Щибаб лага жиндир хlажат тlубалеб буго, ва киналго лугби камилал рукlунгурони инсанги камиллъуларо. Гьаб хlикмат загьир гьабун абуна Аллагьас «цоял цояздаса тlокl гьаруна» абун, «бихьинал руччабаздаса тlокl

гьаруна»- абун абичIого.

وَإِنْ خِفْتُمْ شِقَاقَ بَيْنِهِمَا فَابْعَثُوا حَكَمًا
مِّنْ أَهْلِهِۦ وَحَكَمًا مِّنْ أَهْلِهَآ إِن يُرِيدَآ
إِصْلَٰحًا يُوَفِّقِ ٱللَّهُ بَيْنَهُمَآ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ
كَانَ عَلِيمًا خَبِيرًا ﴿٣٥﴾

**35.** Рос-лъади цо-цалъ къацандун, цо-цазде тушманлъи ккун лъугьани, **ва гьезда гьоркьоб питна ккеялда нужер хIинкъи бугони,** нужеца кIиго гIадилав чи витIе гьезул ишалъухъ балагьизе, ва маслахIатаб хIукму гьабизе. **Цо чи витIе чIужуялъул рахъалъан,** гьелъул рахъ хал гьабулев ва гьелъие квербакъулев, **цо чи росасул рахъалъанги витIе** гьесул рахъалда вукIунев.

Цинги гьез рос-лъади аскIор чIезарун гьезул гIарзалда гIин тIаме, ва гьезие лъикIаб вагIза-насихIат гьабе. **Гьел рос-лъадиялъе цо-цазде рекъезе бокьани ва Аллагьасул ﷻ амруялдаги мутIигIлъулел ругони, гьав кIиявго чи гьоркьов лъугьиналъул баракат букIуна.** Ва гьал сабаблъун ккун, Аллагьас рос-лъади цо-цазде рекъезарила, ва гьезул ракIазулъ Аллагьас цо-цаздехун рокьи, ва гурхIел гьабила. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь ﷻ жинца гьабулеб хIукмуялъул маслахIат лъалев вуго ва гьеб хIукмуялда хадур рачIунел умуралги жинда лъалев вуго.**

БетIергьан Аллагьас ﷻ гьаб масъалаялъулъ гьезда гьоркьоб рекъел ккеялъул гурони бицинчIо. Гьелда жаниб хIикмат буго: Аллагьасеги бокьуларо хъизан биххи ва лъимал къватIахъ хутIи. Гьаб хIикматалъе гIоло гьев кIиявго гIадилав чияс яхI бахъизе ккола рос-лъадиялда гьоркьоб бугеб дагIба тIагIинабизе, ва гьел цо-цалъ рекъезаризе. Кинниги, маслахIат лъугьунареб хIал бугони, ва шаргIалда рекъон гьезул ригьин бихxи маслахIатлъун бихьани, гьезул ригьин бихxизеги бегьула.

۞ وَٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا۟ بِهِۦ
شَيْـًٔا ۖ وَبِٱلْوَٰلِدَيْنِ إِحْسَٰنًا وَبِذِى ٱلْقُرْبَىٰ
وَٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ وَٱلْجَارِ ذِى
ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْجَارِ ٱلْجُنُبِ وَٱلصَّاحِبِ
بِٱلْجَنۢبِ وَٱبْنِ ٱلسَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ
أَيْمَٰنُكُمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن
كَانَ مُخْتَالًا فَخُورًا ﴿٣٦﴾

**36. Нужеца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабе ва гьеб гIибадат гьабиялъулъ гьесдехун щибго жо гIахьал гьабуге. Нужеца эбел-имсуе лъикIлъи гьабе,** ва гьеб лъикIлъи гьабеян абун цо-цалазда васиятги гьабе. **ГIагарал гIадамазе, мискин-пакъирал гIадамазе, ва ятимзабазе лъикIлъи гьабе. ГIагарав мадугьаласе, ва гIагарав гьечIев мадугьаласеги лъикIлъи гьабе. Дур хьолбохъ вугев гьалмагъасеги**

**лъик1лъи гьабе. Сапаралда цадахъ ккарав, г1елму ц1алулаго цадахъ вугев, ва цоги щиб сабаб бугониги, дур гьалмагълъи ккарав чиясе лъик1лъи гьабе ва гьев к1очонге. жив гъарибав, жиндир агьлу-хъизан рик1ад бугев нухлуласеги кумек гьабе. Нужер квер маликлъарал гъарабащазеги лъик1лъи гьабе. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **вокьуларо жив ч1ух1арав, г1агарал чаг1аздаса, ва мадугьалзабаздаса гьумер буссун вук1унев чи.**

Живго киназдасаго лъик1авлъун вихьулев, г1адамал г1одорег1ан гьарулев чи вокьуларо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.

ٱلَّذِينَ يَبۡخَلُونَ وَيَأۡمُرُونَ ٱلنَّاسَ بِٱلۡبُخۡلِ وَيَكۡتُمُونَ مَآ ءَاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ مِن فَضۡلِهِۦۗ وَأَعۡتَدۡنَا لِلۡكَٰفِرِينَ عَذَابٗا مُّهِينٗا ٣٧

**37. Жалгоги бахилал, г1адамаздаги бахиллъиялдалъун амру гьабулел руго гьел квешал г1адамал:** жидеда т1ад гьабураб паризаяб закатги кьоларел, Аллагьасул нухда гъазаваталлъе напакъаде боц1иги кьоларел. **Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ц1обалдалъун жидее кьураб боц1иги бахчулел закаталъе ва напакъаде кьеч1ого бук1ине. Дица капурал г1адамазе ц1акъ гьел г1одорег1ан гьарулеб г1азаб х1адурун буго.**

وَٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمۡوَٰلَهُمۡ رِئَآءَ ٱلنَّاسِ وَلَا يُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَلَا بِٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِۗ وَمَن يَكُنِ ٱلشَّيۡطَٰنُ لَهُۥ قَرِينٗا فَسَآءَ قَرِينٗا ٣٨

**38. Жидеца боц1и г1адамазе г1оло, рияалъе, напакъаде кьолел** Аллагь разилъи т1алаб гьабич1ого, г1адамаз рецциза бокьун, **ва Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ**, ахир къиямасеб къоялдаги иманги лъун гьеч1еб х1алалъ,** гьал чаг1и мунафикъзаби руго. **Жидеца щайт1ан гьалмагълъун ккурал г1адамазе ц1акъ квешаб гьалмагъ буго гьеб щайт1ан:** кинабго квешаб г1амалалда гьев т1овит1улеб, ва кинабго лъик1лъи гьабиялдаса нахъги ч1валеб.

وَمَاذَا عَلَيۡهِمۡ لَوۡ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَأَنفَقُواْ مِمَّا رَزَقَهُمُ ٱللَّهُۚ وَكَانَ ٱللَّهُ بِهِمۡ عَلِيمًا ٣٩

**39. Гьал мунафикъзабазе бугеб къварилъи щиб бугеб,** гьаб къадараб х1алихьатаб пиша гьабун Аллагьги г1адамалги гуккулел рук1инч1ого, **х1акъикъияб иман лъун Аллагьасдаги, ахираталдаги божани, ва Аллагьс кьураб боц1иялдаса гьев разилъулел нухазда напакъа ва садакъа кьуни. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьазул х1ал лъалев вуго.** Загьирги бат1инги, щибго бат1алъи гьеч1о Аллагьасул г1елмуялъе. Гьадин бугелъул нуж иманлъун, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъун гьев разилъи т1алаб

гьабун хьваде.

إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَظۡلِمُ مِثۡقَالَ ذَرَّةٖۖ وَإِن تَكُ
حَسَنَةٗ يُضَٰعِفۡهَا وَيُؤۡتِ مِن لَّدُنۡهُ
أَجۡرًا عَظِيمٗا ٤٠

**40. Т1адег1анав Аллагь ﷻ цох1о зарра г1адаб жоги зулму гьабуларев вуго:** киг1ан гьит1инабниги лъик1аб г1амал ажро гьабич1ого толарев вуго. **Лагъзадерил г1амал лъик1аб буголъараб мехалъ гьелъие г1емер ц1ик1к1изабун ажро гьабулев вуго. Ва жиндир рахъалъан ц1акъ к1удияб т1ок1лъи т1адеги кьолев вуго:** гьебги алжан буго.

فَكَيۡفَ إِذَا جِئۡنَا مِن كُلِّ أُمَّةِۭ بِشَهِيدٖ
وَجِئۡنَا بِكَ عَلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ شَهِيدٗا ٤١

**41. Капуразул ва мушриказул щиб х1ал бук1инеб дица къиямасеб къоялъ щибаб умматалъул авараг, гьезухъе Аллагьасул дин щвезабунин абун нуг1лъи гьабизе гьезда цере рахъизарураб мехалъ. Ва дица мун гьаб дур умматалье нуг1лъун т1аде вахъинавидал я Мух1аммад ﷺ,** гьеб умматалъул г1асиял, пасикъал г1адамазул щиб х1ал бук1инеб. Ц1акъ квешаб х1ал бук1ина гьезул, ц1акъ рек1екълъун ва пашманлъун рук1ина гьел, ва амма гьеб къоялъ жидер пашманлъиялъ щибго мунфаг1ат гьабиларо, ва гьезие квербакъулев чиги вук1инаро.

يَوۡمَئِذٖ يَوَدُّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَعَصَوُاْ
ٱلرَّسُولَ لَوۡ تُسَوَّىٰ بِهِمُ ٱلۡأَرۡضُ وَلَا يَكۡتُمُونَ
ٱللَّهَ حَدِيثٗا ٤٢

**42. Гьеб къоялъ капурал ва Аллагьасул ﷻ расуласда г1асилъарал г1адамазул хьул лъола жал т1ад рахъинарич1ого, ракьулъ лъун толел анищ, жидеда т1ад ракьги бит1изабун абун. Ва гьеб къоялъ гьезда Аллагьасдаса щибго жо балъго гьабизе к1оларо:** Аллагьас ﷻ к1алалда мугьро ч1ван лугби к1алъазарула.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса бицана: «къиямасеб къоялъ мушриказда лъадал, Аллагь ﷻ цо гьавурав чи гурони алжаналда лъугьунаревлъи, гьез цо-цаздехун абула: «рач1а нилъеца инкар гьабизе ширк гьабич1о абун». Цинги Аллагьас жидер г1амалаздаса гьикъидал, гьез абула: «Валлагьи, нижер Бет1ергьан ниж ширк гьабураздаса рук1инч1о»-абун. Аллагьас гьезул к1алазда мугьро ч1ван лугби к1алъазарула, цинги щибаб лагаялъ жинца гьабураб г1амалги бицуна. Гьанже мушриказул хьул къот1ула ва гьезие бокьула ракьлъун гьарун толел анищ жал»-абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَقۡرَبُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَأَنتُمۡ
سُكَٰرَىٰ حَتَّىٰ تَعۡلَمُواْ مَا تَقُولُونَ
وَلَا جُنُبًا إِلَّا عَابِرِي سَبِيلٍ حَتَّىٰ تَغۡتَسِلُواْ

**43. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж как базе лъугьунге мехтун ругеб х1алалъ, нужеца бицунеб, гьабулеб жо нужеда лъалел лъугьинег1ан.**

وَإِن كُنتُم مَّرْضَىٰٓ أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ أَوْ جَآءَ أَحَدٌ
مِّنكُم مِّنَ ٱلْغَآئِطِ أَوْ لَٰمَسْتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَلَمْ
تَجِدُوا۟ مَآءً فَتَيَمَّمُوا۟ صَعِيدًا طَيِّبًا
فَٱمْسَحُوا۟ بِوُجُوهِكُمْ وَأَيْدِيكُمْ ۗ
إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَفُوًّا غَفُورًا ﴿٤٣﴾

Как Аллагьасе х1елун, гьесдаса х1инкъун, гьесие дуг1а гьабун базе кколеб буго ва мехтун вугев чиясул гьеб г1амал бук1уларо.
Гьаб х1укмуги мехтулеб жо х1арам гьабилелде цебе бук1араб буго.
Мехтизарулеб жоялъул х1акъалъулъ решт1изабураб к1иабилеб аят буго гьаб.
Лъабабилеб аят решт1изабуна: «нужее хамро х1арам гьабуна…» абун. Гьелдалъун кинабго жинца мехтизарулеб, ва г1акъло ине гьабулеб жо х1арам гьабуна: г1емераб жо гьекъон мехтизарулеб жоялъул киг1ан дагьабги жо гьекъей х1арамаб буго.

**Ва нужеда черх чуризе т1алъараб мехалъги баге нужеца как, черх чурун хадуб гурони. Сапаралда рук1ун лъим щвеч1они бегьила ракьалъ таямум гьабун как базе:**

Черх чури т1ад гьабулеб ункъго сабаб буго: 1. Капур чи иманлъун исламалда вач1ин. 2. Бихьин чияс ч1ужуг1адамалда жимаг1 гьаби (к1ияздаго т1алъула черх чуризе). 3. Мани бач1ин, кьижун вук1ун бач1аниги, пикру гьабун бач1аниги, цоги щиб сабабалдалъун бач1аниги загьиралда бихьулеб бак1алда мани бач1ин лъараб мехалъ бихьиназ ва руччабаз черх чури т1алъула. 4. Бусурман чи хвараб мехалъ ч1агояз гьев чуризеги т1алъула.

**Нуж унтун ругони, яги сапаралда ругони, яги нужер какие чури биххун бугони цебесеб яги нахъисеб г1авраталдаса къват1иб щиб бугониги жо бач1ун. Яги нуж руччабазда хъат1ун ругони:** жинца ячине бегьулей ч1ужуялъул ва бихьин чиясул т1ом цо-цаде хъат1ун бугони.

Гьаб буго имам Шафиг1ил мазгьабалъул г1алимзабаз гьабураб маг1на. Ибнуг1аббасица маг1на гьабуна: «нужеца руччабазда жимаг1 гьабуни»-абун. Гьаб к1иго бат1ияб маг1на кьолеб бук1иналъе г1оло «ламс» абураб раг1и: цо г1алимзабаз гьелъул маг1на цо-цазде хъат1и гьабуна, ва какие чури биххиялъе сабаблъун гьабуна. Цогидал г1алимзабаз жимаг1 гьаби маг1на гьабуна ва черх чури т1алъиялъе сабаблъун гьабуна.

Цинги гьал г1адамаз какие чуризе я черх чуризе лъимги батич1они: жинца ц1ех-рех гьабун хадуб жиндир рукъоб, мадугьалихъ. Сапаралда вугев чияс сверухълъиялда валагьун, гьез **т1алаб гьабе бац1ц1адаб, х1ур гьоркьоб бугеб ракь, ва гьеб ракьалда к1иябго квер кьабун жиндир гьумералда масх1о гьабе (лъулъай, бахе), хадуб к1иябго**

**кверал, гъуждуздаги масх1о гьабе. Х1акълъунго Аллагь ﷻ жинца мунагьал чурулев, ва жив муъминзабазда гурх1улев вуго.** Х1ал к1олареб таклип т1ад лъоларо. Жидее зах1малъи ккараб жоялъулъ бигьалъи гьабулеб нухги малъула, ва бигьалъи гьабизе изнуги кьола.

Таяммум гьаби шарг1алъ изно кьураб рухса (бигьалъи) буго. Щиб сабаблъун гьабулеб бугониги таяммум гьабулеб къаг1ида цо буго, ва гьелъул шурут1алги цох1о руго.

Т1оцебесеб шарт1 буго: лъим батунгут1и, яги гьеб лъим батун бук1аниги гьелъ какие чуризе рес гьеч1олъи. Масала какие чурулел лугбузда ругънал рук1ун, сафаралда вугев чи къечон вук1ун, ва цогидалги шарг1алъул т1ахьазда жанир рицунел г1иллаби, ва г1узраби.

К1иабилеб шарт1: бац1ц1адаб ракь бук1ин буго.

Лъабабилеб шарт1: гьеб ракь гьумералда бахингун цадахъ как х1алаллъизе таяммум гьабиялъул ният рек1елъ бук1ин буго. Как базе х1алаллъи гуреб какие чури яги черх чури бук1унаро таяммум гьаби.

Ункъабилеб шарт1: гьеб бац1ц1адаб ракь гьумералда ва к1иябго гъеж-квералда бахи буго.

Гьаб таяммумалдалъун цо паризаяб как гурони баларо. Цогиги паризаяб как балеб бугони: масала сапаралда вук1ун как данде босун бугони, цоги таяммум гьабизе ккола. Лъималъ какие чуризе рес лъугьарабго таяммумалъул х1укму хола, ва какие чуризе ккола. Черх чури т1ад бугев чиясги лъим батараб мехалъ черх чуризе ккола. Ай таяммум гьабун как базе х1алаллъаниги какие чури биххи, ва черх чуризе т1алъи борхуларо таяммумалъ.

Таяммумалда хурхарал масъалаби г1емер руго, гьанир киналго хъван лъугьуларо. Фикъгьиялъул т1ахьаздаса, г1алимзабазда ц1ехон мух1кан гьаризе ккола гьел масъалаби.

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ أُوتُوا نَصِيبًا مِّنَ الْكِتَابِ يَشْتَرُونَ الضَّلَالَةَ وَيُرِيدُونَ أَن تَضِلُّوا السَّبِيلَ ﴿٤٤﴾

**44. Мун г1ажаиблъулариш Мух1аммад ﷺ, жидехъе т1ехь кьурал,** ва гьеб ц1ализе лъай кьурал **г1адамазул пишаялда, жидеца х1акъаб динги бичун къосин босулел, иман лъеялдаса купру т1асса бищулел. Ва жидее бокьулел, я гьал муъминзаби, нужги бит1араб нухдаса къосун гьезда рельлъарал лъугьине.**

وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِأَعْدَائِكُمْ ۚ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ وَلِيًّا وَكَفَىٰ بِاللَّهِ نَصِيرًا ﴿٤٥﴾

**45. Т1адег1адав Аллагь жинда лъалев вуго нужер тушбабазул х1ал.**

Жал къосарал, жидеда ццим бахъарал ягьудиязул нужедехун бугеб тушманлъи Аллагьасда ﷻ нужедаса

лъик1 лъала. **Нужее г1езе буго нужер Вали** (жинца нужер т1алаб-ургъел гьабулев) **Аллагь ﷻ вук1ин. Ва нужее Аллагь г1езе вуго жинца квер бакъулевлъун.** Гьадин бугелъул нуж цох1о Аллагьасда божун, гьесда мугъч1ван рук1а, нуж гьел тушбабазул макруялдаса Аллагьас ц1унизе руго.

Гьаб к1иго аят решт1инабиялъе сабаб бицана: жинда Аллагь разилъаяв Абусуфяница, исламалде вач1иналда цевеккун, ягьудиязул Каг1б ибну Ашраф абулев ц1аларав чиясда абуна: «Мун вуго т1ехь ц1ализе лъалев чи. Ниж руго ц1али, хъвайи лъаларел уммиял г1адамал. Дуца дида бице: нижер щив вугев бит1араб нухда: нижищ яги Мух1аммадищ?» абун. Каг1буца абуна: «Дида бице щиб дин нужер бугеб?» абун. Абусуфяница абуна: «Нижеца х1ажизабазе нижер боц1и хъун гьан кьола, гьезие лъимги кьола, нижеца гьоболасе хъулухъги лъик1 гьабула, нижер Бет1ергьанасул рукъги къач1ала. Мух1аммадица жиндир умумузул дин тана ва г1агарлъиялдаса гурх1ел-рах1муги къот1ана» - абун. Цинги Каг1буца абуна: «Нужер дин гьесул диналдаса лъик1аб буго, ва, Аллагьасх1аги, нуж бит1араб нухалда руго гьев Мух1аммад жинда вугеб нухалдаса» – абун. Цинги Аллагьас ﷻ «мун г1ажаиблъуларищ» – абун (44-45 аятал) решт1изаруна.

مِّنَ ٱلَّذِينَ هَادُواْ يُحَرِّفُونَ ٱلۡكَلِمَ عَن
مَّوَاضِعِهِۦ وَيَقُولُونَ سَمِعۡنَا وَعَصَيۡنَا
وَٱسۡمَعۡ غَيۡرَ مُسۡمَعٖ وَرَٰعِنَا لَيَّۢا بِأَلۡسِنَتِهِمۡ
وَطَعۡنٗا فِي ٱلدِّينِۚ وَلَوۡ أَنَّهُمۡ قَالُواْ سَمِعۡنَا وَأَطَعۡنَا
وَٱسۡمَعۡ وَٱنظُرۡنَا لَكَانَ خَيۡرٗا لَّهُمۡ وَأَقۡوَمَ وَلَٰكِن
لَّعَنَهُمُ ٱللَّهُ بِكُفۡرِهِمۡ فَلَا يُؤۡمِنُونَ إِلَّا قَلِيلٗا ٤٦

**46. Ягьудияздаса цо г1адамал руго Тавраталда бугеб Аллагьасул ﷻ калам хисизабулел,** ва гьелъие жидеего данде кколеб маг1на гьабулел. **Дуца иман лъеялда ах1араб мехалъ гьез абулеб буго: «Нижеда дуца бицунеб жо раг1ана, амма ниж гьелда г1исилъана»- абун:** ай нижеца гьелда иман лъеч1о ва дуда ниж мут1иг1лъуларо. **Цогиги гьез абулеб буго «нижеца бицунеб жоялда г1енекке, дуда раг1угеяв»- абун. Ва «رَٰعِنَا» абулеб буго, квешаб рогьоб бай мурадалда, т1аса дудехун рекъон ругоян ккезабун, ва исламияб диналда гьез тушманлъи гьабулеб буго, гьелда г1айиб ч1ван.**

**Гьел ягьудияз абун бук1араб ани: нижеда дуца бицараб жо раг1ана ва ниж дудаги мут1иг1лъанаян абун. Мун нижеда г1енекке, ва мун нижеда валагье абунги, гьезие гьаб ц1акъ лъик1аб бук1ана Аллагьасда аск1об,** доб цебе бицараб авараг ва дин махсароде гьабулеб раг1аби абич1ого. **Кинниги, Аллагьас ﷻ ягьудиял жиндир рах1маталдаса рик1к1ад гьаруна гьезул купруялъе г1оло,**

**ва гьез ц1акъ заг1ипаб х1алалъ гурони иманги лъоларо,** гьеб иман Аллагьасда ﷻ аск1об жидее щибго мунпаг1ат гьеч1еб бук1уна. Аллагьас ﷻ решт1изарурал т1ахьаздаса жидеего бокьараб жоялда гурони иман лъоларо, аварагзабаздаги иман лъоларо, жидер аварагасда гурони. Гьадинаб иман лъей алжаналда лъугьизарулеб бук1унаро.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ ءَامِنُواْ بِمَا نَزَّلۡنَا
مُصَدِّقٗا لِّمَا مَعَكُم مِّن قَبۡلِ أَن نَّطۡمِسَ
وُجُوهٗا فَنَرُدَّهَا عَلَىٰٓ أَدۡبَارِهَآ أَوۡ نَلۡعَنَهُمۡ كَمَا لَعَنَّآ
أَصۡحَٰبَ ٱلسَّبۡتِۚ وَكَانَ أَمۡرُ ٱللَّهِ مَفۡعُولًا ٤٧

**47. Я гьал китабиял! Нужеца иман лъе дица решт1изабураб Къуръаналда, жинца нужер т1ехьги рит1ухъ гьабулеб, нужеда ццим бахъун нужер гьурмазул куц хвезабун, гьел мугъалда нахъе сверизарилелде цебеккунго** бер, к1ал, г1ин гьеч1ел хъарщи г1адаб сурат гьабун. Цоги г1алимаз абуна гьумер нахъехун сверизе гьабун жал нахъах1ат1ил унел гьарун абун. **Яги дица шамат къоялъ ччуг1а ккуразе гьабураб г1адаб к1удияб гурх1ел къот1и гьабизег1ан цереккун.** Аллагьас гьел г1адамал болъоналлъун ва маймалакаллъун сверизе гьарун рук1ана. **Т1едег1анав Аллагьасе ﷻ бокьараб жо лъугьуна, ва гьеб нахъч1валеб кинабг1аги г1илла, къуватги бук1унаро.**

إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغۡفِرُ أَن يُشۡرَكَ بِهِۦ وَيَغۡفِرُ مَا دُونَ
ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُۚ وَمَن يُشۡرِكۡ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱفۡتَرَىٰٓ
إِثۡمًا عَظِيمًا ٤٨

**48. Х1акълъунго Аллагь т1аса лъугьунареб жо буго, жиндехун ширк гьаби. Ширк гуреб цогидаб к1удияб мунагь чурула, ва гьелда т1аса лъугьула, жиндие вокьарав муъминчиясдаса. Жинца Аллагьасде ширк гьабулев чи ц1акъ к1удияб мунагь гьабурав чи вуго.**

Т1абари абулев г1алимас абуна: гьаб аяталъ баян гьабуна, кинавго жинца к1удияб мунагь гьабурав чи Аллагьасе бокьиялда гъоркь вук1ин: бокьани Аллагьас ﷻ гьев чи т1асан лъугьун тела, бокьани гьесие г1акъуба гьабила, гьеб к1удияб мунагь Аллагьасде ширк гьабилъун гьеч1они.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Яманалъул агьлуялъухъе кагъат хъвана жинда жаниб паризаял жал рицун, суннат бицун, дият бицун. Гьеб кагъат бит1ана Г1амру ибну Х1азм абулев асх1абасухъе къун. Гьелда хъвараб жоялъулъ бук1ана: *«къиямасеб къоялъ Т1адег1анав Аллагьасда аск1об бищунго к1удияб мунагь буго гьесде ширк гьаби. Цинги бусурманчи ч1вай, цинги Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло вагъизе абун рагъде щварав чи, гьеб рагъул майданалдаса лъути»*- абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб х1адисалда буго:*«Аллагьасде ширк гьабич1ого хварав чиясе алжан т1адаблъун бук1уна. Жинца ширк гьабун хварав чиясе жужах1 т1адаб бук1уна»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يُزَكُّونَ أَنفُسَهُم بَلِ اللَّهُ يُزَكِّي مَن يَشَاءُ وَلَا يُظْلَمُونَ فَتِيلًا ﴿٤٩﴾

**49. Мун г1ажаиблъун валагье Мух1аммад ﷺ, жудерго напсал рац1ц1унел ва реццулел г1адамазда. Аллагь ﷻ вуго жиндие бокьарав чи жинца вац1ц1унев, ва щивго чиясе цох1о зарра г1адаб жо зулмуги гьабуларев.**

Гьаб аят бугин абуна ягьудиязул ва насраниязул х1акъалъулъ решт1изабураб, «ниж руго Аллагьасул ﷻ лъимал, ва гьесие рокьарал г1адамал»-абун жидеца абулел рук1арал. Цоги г1алимаз абуна киналго жидее рецц бокьулел чаг1азул х1акъалъ решт1изабураб буго гьаб аят абун. Жидеда Аллагь разалъаял Муслимицца ва Бухарияс бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нижеда амру гьабуна жидеца г1адамал реццулезул гьурмазда ракь реххеян»* -абун.

انظُرْ كَيْفَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ وَكَفَىٰ بِهِ إِثْمًا مُّبِينًا ﴿٥٠﴾

**50. Мун валагье Мух1аммад ﷺ кин гьел ягьудияз Аллагьасда ﷻ гьереси г1унт1изабулеб бугеб:**
ниж Аллагьасул лъимал руго, гьесие рокьулел руго абун. **Ц1акъ к1удияб мунагь буго гьаб ва баянаб Аллагьасда г1асилъиги буго.**

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ أُوتُوا نَصِيبًا مِّنَ الْكِتَابِ يُؤْمِنُونَ بِالْجِبْتِ وَالطَّاغُوتِ وَيَقُولُونَ لِلَّذِينَ كَفَرُوا هَٰؤُلَاءِ أَهْدَىٰ مِنَ الَّذِينَ آمَنُوا سَبِيلًا ﴿٥١﴾

**51. Мун валагье Мух1аммад ﷺ, жидехъе т1ехь кьурал ва жидее лъай кьурал ягьудиязул цо къокъаялде, жидеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабулел, ва хъанчаздаги, гьезда релълъарал жалаздаги иман лъолел.**

Ва къурайшиязул **капурзабазда абулел, нужер дин бит1араб бугин, гьел бусурзабазул диналдасан абун.** Гьез бусурбабаздаса капурзаби хира гьарула руго жидер жагьиллъиялъ, диналъул к1варгьеч1олъиялъ. Гьелдалъун Тавраталда бугеб жоялда инкар кколеб буго ва гьеб хисизабулеб буго.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَعَنَهُمُ اللَّهُ وَمَن يَلْعَنِ اللَّهُ فَلَن تَجِدَ لَهُ نَصِيرًا ﴿٥٢﴾

**52. Гьал г1адамал руго Аллагьас ﷻ жиндир рах1маталдаса рик1к1ад гьарурал. Аллагьас лаг1нат кьурал**

**г1адамазе квербакъи гьабулев чи дуда ватиларо.**

Аллагьасул рах1маталдаса рик1к1ад гьари буго абадияб жужах1алъул г1азабалъе х1акъаллъун лъугьин. Гьаб гьеч1о, щивго чиясул шапаг1аталъ ва квербакъиналъ, т1аса босулеб г1азаб.

**53. Яги гьал ягьудиязе Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **мулкалдаса цо бут1айищ бугеб, гьезие бокьараб х1алалъ бикьулеб ва кьолеб.**

أَمۡ لَهُمۡ نَصِيبٌ مِّنَ ٱلۡمُلۡكِ فَإِذٗا لَّا يُؤۡتُونَ ٱلنَّاسَ نَقِيرًا ﴿٥٣﴾

Гьеч1о жидее гьединаб мулк. Гьезие **гьеб бут1а бук1арабани, цох1о зарра г1адаб жоги гьез г1адамазе кьезе бук1инч1о.** Ц1акъ бихилал, хъант1арал, сутурал руго гьал ягьудиял.

**54. Яги гьез бусурбабада х1асадищ гьабулеб бугеб Аллагьас гьезие кьураб хиралъи-т1ок1лъиялда.**

أَمۡ يَحۡسُدُونَ ٱلنَّاسَ عَلَىٰ مَآ ءَاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ مِن فَضۡلِهِۦۖ فَقَدۡ ءَاتَيۡنَآ ءَالَ إِبۡرَٰهِيمَ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡحِكۡمَةَ وَءَاتَيۡنَٰهُم مُّلۡكًا عَظِيمٗا ﴿٥٤﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасда х1асад гьабуна гьев г1арабияв вук1иналъ. Гьесда нахърилълъарал асх1абзабазда х1асад гьабуна Аллагьасдаги, гьесул аварагасдаги иман лъун гьел г1емерлъулел, гьезул къадро к1одолъулеб бук1иналъ.

**Х1акълъунго дица хиралъиги т1ок1лъиги кьун бук1ана Ибрагьим** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасул наслоялдаса ругел нужер умумузе: жидее авараглъи кьун ва т1ахьалги кьун. Ва гьел аварагзабазе ц1акъ к1удияб ханлъиги кьун бук1ана.**

Жидее авараглъи ва ханлъи кьураздаса рук1ана Давуд ва Сулайман аварағ, гьал ягьудиязул аварагзаби руго. Гьаб аяталъул маг1на буго: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьараб мехалъ бокьарав чиясе кьола хиралъи ва бечелъи, нужер умумузеги кьун буго. Гьеб х1алхъублъи гьабизе кколеб жо гьеч1о, нужеца х1алхъублъи гьабунин абун т1аса унеб ниг1матги гьеч1о Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бугеб хиралъи. Бищунго инсанасе зарал к1удияб рек1ел унти буго х1асад.

Х1асад абураб раг1иялъул х1акъикъияб маг1на буго жив гурев цогидав чиясе бугеб лъик1лъи рихин, ва дов чиясдаса гьеб лъик1лъи т1аса ине бокьи. Щибго жиндие гьелдаса мунпаг1атги гьеч1ого, яги досдаса т1аса ун гьеб лъик1лъи жиндиеги щолеб гьеч1ого. Гьав жиндир рек1елъ х1асадалъул унти бугев чи щибго жиндие дунялалъул рах1ат гьеч1ев вуго.

Т1адег1анав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1емер бат1и-бат1иял хиралъаби руго гьесул лагъзадерида гьоркьор рикьун ругел. Гьал киналго хиралъаби дов х1асад бугев чиясул рак1алда ругел ругьнал руго: досда рихун,

захIмалъун букIунелъул жив гуресе бугеб лъикIлъи ва хиралъи. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ щибаб унтиялъе дару-дарман бижун буго, гьаб хIасад абулеб унтиялъеги буго дару. Гьеб даруги инсанасда лъай буго киналниги нигIматал, ва кинабго лъикIлъи ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ мулк букIин, жиндие бокьарав чиясе кьолеб, бокьарасе кьечIого толеб.

Гьаб иш гьадин бугелъул, хIасад гьабунин абун гьел нигIматал тIаса унаро, ва хIасадалъул зарал жиндиего букIуна: жиндие бокьараб жо лъугьунарого ракI унтун ва къварилъун вукIунелъул гьев чи. Цоги дару буго гьаб хIасад нахъчIвалеб. Жив гуресе ругел нигIматал ва лъикIлъаби рихьараб мехалъ, Аллагьасда дугIа гьабе диеги кье БетIергьан гьеб лъикIлъи абун. Аллагьасда гьаризе ракIалда щвей буго рекIелъ иман букIин, ва гьеб иманалъул нуралъ квешал унтаби тIаса инарула.

Ягьудиязда тIад чIараб сифат буго гьаб «хIасад» гьабулел рукIин. Аллагьас дунялалдаго гьезие гIазаб гьабулеб букIиналъул гIаламат буго гьебги.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъер ракIал рацIцIад гьареги гьеб унтиялдаса.

**55. Китабиязул цо къокъа буго МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **аварагасда иман лъолел.** Гьал цIакъго дагьал гIадамал руго. **Цоги къокъа буго жидеца иман лъечIел ва иман лъеялдаса цогидал гIадамалги нахъчIвалел.** Гьаб къокъа цIакъ гIемераб буго. **Гьазие цIакъ боркьараб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

فَمِنْهُم مَّنْ ءَامَنَ بِهِۦ وَمِنْهُم مَّن صَدَّ عَنْهُ ۚ وَكَفَىٰ بِجَهَنَّمَ سَعِيرًا ﴿٥٥﴾

**56. ХIакълъунго Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ва гьесул аварагзабазда инкар кколел ва Аллагьасул Къуръанги гьереси гьабулел, гьал гIадамал дица ахираталда жужахIалъул цIадаре лъугьизарила,**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا سَوْفَ نُصْلِيهِمْ نَارًا كُلَّمَا نَضِجَتْ جُلُودُهُم بَدَّلْنَـٰهُمْ جُلُودًا غَيْرَهَا لِيَذُوقُوا۟ ٱلْعَذَابَ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿٥٦﴾

жинца гьурмал режулеб ва гьанги кваналеб. **Жидер тIомги гьанги бухIун, бежизабун тIагIараб мехалъ, гьеб гьан ва тIом Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **цIидаса бижизабула, ва гьанжеги гьеб бежун, бухIун тIагIизабула. Гьадин гIазаб чIамизабула Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **дунялалъул рукъоб иман лъезе ва Аллагьасда мутIигIлъизе гьел чIухIун рукIиналда данде жазаълъун.**

ЖужахIалъул агьлулъун ругел гIадамазул чурхдулги цIакъ чIахIиял гьарула, гьезие гIазаб кIодолъизе ва цIикIкIине. Жинда Аллагь

разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: *«жужах1алъул агьлу ц1акъ к1удиял, ч1ах1иял гьарула жужах1алда жанир рехараб мехалъ: гьезул т1омалъул бицցалъи лъабкъоялда анц1го нат1 бук1уна ва г1усал-цабиги Ух1уд мег1ерг1адал к1удиял рук1уна»*- абун.

**Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир къуват-гуч бергьарав вуго,** жиндие бокьараб жо гьабизе гьев щибго жоялъ нахъч1валаро. **Жиндир г1адлу бит1арав х1акимги вуго.** мунагьазда рекъараб гуреб г1азаб гьабуларев.

Жив вижарав, хьихьулев ва хвезавулев Бет1ергьан лъангут1и, гьев лъан хадуги гьесдехун г1асилъиялдаса к1удияб мунагь щибха бук1инеб ва гьелда данде жазаъ гьабун кидал т1убалеб?

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ سَنُدْخِلُهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۖ لَّهُمْ فِيهَآ أَزْوَٰجٌ مُّطَهَّرَةٌ ۖ وَنُدْخِلُهُمْ ظِلًّا ظَلِيلًا ٥٧

**57. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъурал, цинги аварагасда нахърилълъун жидеца лъик1аб г1амалги гьабурал г1адамал:**
Аллагьасул парз т1убан, аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннатги нухлъун гьабун. **Дица гьал г1адамал ахираталда алжаналда жанир лъугьизарила, жидеда жаниса бат1и-бат1иял ниг1матазул г1оралги чвахулел. Даимго рук1инелъун лъугьизарула алжаналда: гьезие гьенир ц1акъ рац1ц1адал руччабиги рук1ина.** Жидедаса щибго рак1 къалеб жо бач1унарел ва т1абиг1ат-г1амалги берцинал. **Ва жал даимабго раг1адалъулъ лъугьизарун рук1ина.** Дунялалъул раг1адалда релълъараб гьеч1еб, жиб т1аса унареб, жиндир гьава рекъараб раг1ад буго гьеб.

Цо х1адисалда буго: *«Алжаналда жанир пихъил гъут1би руго жидер т1амах керчал (г1емерал), жал ц1акъ ч1ах1иял: чода рек1ун унев чи гьезул раг1адалъулъ нусго соналъ унев, цингиги гьеб раг1ад т1аг1унаро»*- абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

إِنَّ ٱللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَن تُؤَدُّوا۟ ٱلْأَمَٰنَٰتِ إِلَىٰٓ أَهْلِهَا وَإِذَا حَكَمْتُم بَيْنَ ٱلنَّاسِ أَن تَحْكُمُوا۟ بِٱلْعَدْلِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ نِعِمَّا يَعِظُكُم بِهِۦٓ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ سَمِيعًۢا بَصِيرًا ٥٨

**58.** Гьаб аят решт1изабиялъе сабаб бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварag Макка бахъараб къоялъ Каг1ба рукъалде вач1араб мехалъ гьеб Каг1баялъул к1улал кодор рук1арав Г1усман ибну Т1алх1ат Каг1баялъул нуц1аги рахан, гьелъул т1охда т1аде вахана, ва к1улал аварагасухъе кьоларого ч1ана: «Дида гьев аварag вук1ин лъалеб бук1арабани, дица к1улал кьеч1ого телароан» – абун.*

*Цинги жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1абас Г1усманихъа кодоса к1улал рахъана, ва Каг1ба рагьана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Каг1баялда жанив лъугьана ва к1иго ракаг1ат бана. Цинги къват1ив вач1индал Г1али асх1абасда амру гьабуна: «к1улал Г1усманихъе къе абун», ва Г1усманидаги абуна: «дуца г1айиб гьабуге духъан к1улал росиялда» абун. Цинги Г1усманица абуна: «дие заралги гьабун дихъан к1улалги рахъана, гьанже дида гурх1елги гьабун хабарги бицунеб буго»- абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Т1адег1анав Аллагьас дур х1акъалъулъ аят решт1изабуна»- абун. Аварагас* ﷺ *гьаб хадуб бугеб аят ц1алана. Гьеб бак1алда Г1усманица* رضي الله عنه *иман лъун исламалда вач1ана. Цинги аварагас абуна: «Нужеца гьал к1улал росея Т1алх1атил васал, кидаго нужеда кодор рук1инелъун. Нужехъа гьеб к1ул нахъе босизе гьеч1о жинца зулму гьабулев чияс гурони»*-абун. Г1алимзабазул цогиги пикраби руго гьаб аят решт1иналъе сабаб бицунаго. Дица гьаниб хъвараб буго Мух1аммад Г1али Сабуниясул т1ехьалдаса босараб.

**Т1адег1анав Аллагьас** جل جلاله **нужеда амру гьабулеб буго нужеца киналго аманатал гьел аманатазул бет1ергьабазухье т1ад буссинабе абун. Ва нужеца г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабулеб мехалъ, гьебги шарг1алда рекъон гьабеян.**

Цониги рахъалдехун ц1ан, цоясе зулму гьабун гьабуге.

**Жинца ц1акъ лъик1аб жо малъулев ва берцинаб ваг1за гьабулев вуго Т1адег1анав Аллагь** جل جلاله**. Х1акълъунго Аллагь жинда кинабго жо раг1унев, ва бихьулев вуго.** Лъик1аб жо гьабурасе лъик1аб жазаъ, квешаб жо гьабурасе квешаб жазаъ гьабизе буго Аллагьас جل جلاله.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас абуна: Дида авараг раг1инч1о гьаб аят ц1алулев Макка бахъараб къоялъ Каг1ба рукъосан къват1иве вач1унеб г1ужалъ гурони абун. Гьаб х1адисалъ, ва аят решт1иналъе бицараб сабабалъ т1орит1ел гьабулеб буго гьаб аят Каг1ба рукъалда жанив авараг ﷺ вугеб мехалъ решт1изабураб бук1иналда.

Т1адег1анав Аллагьас جل جلاله амру гьабун абулеб буго аманат бет1ергьабазухье т1ад буссине гьабе абун. Гьаб амруги кинабго умматалда г1аммаб буго. Гьединго Аллагьасулги, г1адамазулги киналго х1акъазда швей гьабулебги буго. Аллагьасул х1акъаздаса буго инсанасда т1ад гьарурал паризаял ишал: как, закат, х1аж, к1ал кквей, жигьад гьаби, назро т1убай, кафарат бахъи ва цогиги г1емер руго Аллагьасе جل جلاله т1убазе кколеб аманат. Лъик1алдалъун амру гьаби

квешалдаса нахъч1вайги Аллагьасул аманат буго, гьелда х1ал к1олел чаг1азда т1ад гьабураб.

Инсанасул аманатал чанго бат1и-бат1иял рук1уна: боц1и-малалда хурхараб, васият, валилъиялда хурхараб. Щивав чи жиндир напсалъул аманат жинда т1ад бугев вуго: Аллагьас ﷻ нилъер лугби рижун руго гьев разияб х1алалда хьвадизаризе, ва гьеб нилъеда т1ад бугеб аманат буго. Бихьинчиясда аманат буго хъизан рукъалъе напакъа кьейи, ва тарбия гьаби, ч1ужуялда аманат буго жиндир черх х1арамав чиясдаса ц1уни, жинда божилъи гьабураб россасул боц1и-мал ц1уни, ва лъимал хьихьун, гьел ц1унун йик1ин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго: *«Нужеда божилъи гьабуразул аманат т1убай, ва нужее хиянат гьабуразе хиянат гьабуге»*- абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги аварагасул х1адис буго: *«Дунялалда т1урач1ел аманатал ва х1акъал Аллагьас ﷻ ахираталда т1уразарула: Лълъар бугеб чахъуялъ лълъар гьеч1елда унтизабураб х1акъги т1убазабула Аллагьас»*- абун. Х1адис ибну Касирица кьуч1аблъун бицана.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُوا۟ ٱلرَّسُولَ
وَأُو۟لِى ٱلْأَمْرِ مِنكُمْ ۖ فَإِن تَنَٰزَعْتُمْ فِى شَىْءٍ فَرُدُّوهُ
إِلَى ٱللَّهِ وَٱلرَّسُولِ إِن كُنتُمْ تُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ
ٱلْءَاخِرِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ﴿٥٩﴾

**59. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда ﷺ мут1иг1лъе:** нужецца Аллагьасул калам Къуръан, ва аварагасул суннат ккве, ва киналго ишазулъ гьелда нахърилълъа. **Ва нуж мут1иг1лъе нужеда гьоркьосан нужеда т1ад амру-нагью гьабизе тарал г1адамаздаги,** гьез шарг1алда рекъараб жо малъулеб бугебг1ан мехалъ. Шарг1алда хилапаб жо малъараб мехалъ щивго чиясе мут1иг1лъизе бегьуларо: гьелъул маг1на бук1уна Аллагьасул амруги тун, гьесда г1асилъун, инсанасда мут1иг1лъи, ва гьесда нахъвилълъин.

**Нужер цо щиб бугониги жоялъулъ цо-цазде хилиплъи ккани,** ва гьелъул шарг1ияб х1укмуги лъач1они, **нужеца гьеб ишги Аллагьасул Къуръаналда, ва аварагасул суннаталда буссизабе:** гьелда жаниб балагье нужер масъалаялъул х1укму. **Нуж гьаб х1алалъ хьваде Аллагьасда ﷻ ва ахир къиямасеб къоялда иман лъураллъун ратани. Гьаб нужее ц1акъ лъик1аб нух буго.** Дунялалда, ва ахираталда нуж рит1ун ккеялъе сабаб буго гьаб .

Жинда Аллагь разилъаяв Бухарияс Ибнуг1аббасидаса رضي الله عنهما х1адис бицана:*«Гьаб аят решт1ана Г1абдуллагь ибну Х1узайфатил х1акъалъулъ»* абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ах1мадица Г1али ﷺ асх1абасдаса х1адис бицана: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, ансарияв асх1аб амирлъун гьавун, цо къокъа бит1ана гъазаваталде. Гьел сапаралда рук1адго гьав амирасул ццим бахъана гьалмагъзабазул цо пишаялда. Цинги амирас абуна: «нужеда Аллагьасул расулас* ﷺ *амру гьабун буго гурищ дида мут1иг1лъе абун». гьез абуна бит1араб бугоян абун. Амирас абуна: «гьанже нужеца дие ц1ул данде гьабе» абун. Ц1ул данде гьабидал гьеб ц1улада ц1а бакана, ва амирас абуна: «дица нужеда амру гьабулеб буго нуж гьаб ц1адаре к1анц1еян»- абун. Гьездаса цо г1олохъан чияс абуна: «нижс ц1аялдаса лъутун рач1арал руго Аллагьасул расуласухъе* ﷺ.

*Гьев аварагасда аск1ор щун гурони нуж гьаб амру т1убазе г1едег1уге»-абун. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рач1ун гьаб къиса бициндалго, аварагас* ﷺ *абуна: «нуж гьеб ц1адаре к1анц1ун рук1аралани, абадиялъго гьениса къват1ир рахъунароан. Амирасе мут1иг1лъи бук1уна х1акъаб жоялдалъун амру гьабураб мехалъ»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Г1умарица х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Бусурманчиясда т1адаб буго жиндие бокьараб жо бугониги, рихараб жо бугониги т1ад тарав чиясда мут1иг1лъизе, гьев чияс Аллагьасда* ﷻ *г1асилъиялдалъун амру гьабич1ебг1ан мехалъ. Аллагьасда г1асилъе абун амру гьабураб мехалъ гьесие мут1иг1лъизе бегьуларо»*-абун. Х1адис имам абу Давудица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«дун хун хадур нужеда т1ад бат1и-бат1иял вализаби рук1ине руго (ханзаби, х1акимзаби). Гьезул лъик1ас нужее лъик1аб валилъи гьабила, гьезул квешас нужее квешаб валилъи гьабила. Нуж гьел вализабазда мут1иг1лъе ва нахърилълъа, гьез малъараб х1акъаб жоялъулъ, гьезда хадуб какги бай. Гьез лъик1аб валилъи гьабуни гьезиеги нужееги лъик1 бук1ина. Квешаб валилъи гьабуни гьезие г1азаб бук1ина нужее кири бук1ина»*-абун. Х1адис Т1абарияс бицана.

Х1акъаб жоялдалъун амру гьабулев, шарг1алда рекъон хьвадулев т1ад тарав чиясда мут1иг1лъизе т1адаб буго. Т1ад тарав чи залимав, зулмуяв вугони, гьесиеги мут1иг1лъила, гьесул зулмуялдаса ц1унун, Аллагьасда ﷻ г1ассилъи гьеч1еб жоялъулъ. Гьесул квешлъиялъул жазаъ Аллагьас гьабила.

Аллагь жинда разилъаяв Ибнуг1умаридаса бицараб х1адисалда буго:

«дида бичасул авараг ﷺ жинца абулев рагӀана:
*«жив мутӀигӀлъиялдаса вахъарав чи къиямасеб къоялъ Аллагьасда данде чӀвала жиндир щибго хӀужжа гьечӀого.* (ай жив ритӀухъ гьавулеб жиндие квер бакъулеб хӀужжа гьечӀого) *Жив цо исламалъул жамагӀаталда гьоркьовги вукӀун, жиндир габуралда байгӀаталъул (къотӀи, мутӀигӀлъи) рохьенги гьечӀого хварав чи жагьилияб хвелалъ хварав вукӀуна»* – абун. ХӀадис имам Муслимица бицана.

Гьаб хӀадисалъул мурад буго бусурбаби киналго цолъун рукӀине ккола, ва щибаб исламияб жамагӀаталда тӀад жидер вали, амир, имам вукӀине ккола абураб. Гьадин гьечӀони гьал бусурбабазул амру Аллагь ﷻ разияб букӀунаро, ва гьезул дунял-ахираталъул ишалги ритӀун кколаро.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хӀадис буго: *«нужер лъабгояв сапаралда рахъараб мехалъ цояв амирлъун гьаве»*-абун. ХӀадис имам абу Давудица бицана.

Цо-цо жагьилал гӀадамаз гьаб аяталдаса магӀна гьабула: кинав вукӀаниги тӀад тарав хӀакимасдаги мутӀигӀлъизе ккола: капурав ханасдаги, гьес тарав хӀакимасдаги мутӀигӀлъизе ккола абун. Гьаб буго цӀакъ жагьилаб рагӀи. Гьадинал гӀадамазе Аллагьас ﷻ хӀинкъи кьун буго гучаб гӀазабалдалъун, гьез Аллагьасул калам сверизабун, хисизабун магӀна гьабулеб бугелъул.

Аллагьас гьел битӀараб нухалда тӀоритӀаги ва гьезул заралалдаса нилъги цӀунаги.

Жинда Аллагь разилъаяв Муслимица хӀадис бицана: ГӀабдурахӀман ибну ГӀабдураббил КагӀбатица абуна:

*«Дун масжидалда жанив лъугьана, ва дида жинда Аллагь разилъаяв ГӀабдуллагь ибну ГӀамру ибну ал-ГӀасс ватана КагӀба рукъалъул рагӀдукь гӀодов чӀун, гьесда асскӀор руссун гӀадамалги рукӀана. Дунги гьезда асскӀов гӀодов чӀана. Цинги ГӀабдуллагьица* رضي الله عنه *абуна: Хирияв авараггун* ﷺ *цадахъ нижецо сапаралда рукӀана. Цинги цо бакӀалда рештӀун хӀалхьезе чӀун рукӀана. Нижер щивав цоявги жидерго шугълуялда вукӀана: цинги аварагасул* ﷺ *ахӀулев чияс ниж данде ахӀана, ва ниж киналго аварагасда асскӀор руссана.*

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дидаса цеве цониги авараг вукӀинчӀо жинда тӀадаблъун бугев гурони, жиндир уммат кинабго жинда лъалеб лъикӀаб жоялда тӀобитӀизе, ва жинда лъалеб квешаб жоялдаса гьеб уммат нахъчӀвазеги. Гьаб дир умматалъул лъикӀлъи, ва саламатлъи буго гьезул авалазулъ* (ай асхӀабзаби ва гьезда хадуселги).

*Гьаб умматалъул хадусезда балагьал рихьизе руго. Жидее рихулел*

(рокьуларел) *батIи-батIиял ишалги рачIине руго гьезда тIад. Питнабиги рачIине руго цоялъ-цояб кIочезарулел. Цо къварилъи, питна бачIараб мехалъ муъминчиясда ракIалда ккезе буго гьаб питнаялъ дун гьалаг гьавилин абун. Цинги гьебги тIаса ун цоги питна бачIиндалги муъминчияс абула: гьаб питнаялъ дун гьалаг гьавила абун. Гьадин тIатIалаго рачIина гьел питнаби, ва къварилъаби. ЖужахIалдаса хвасарлъи бокьарав, ва алжаналда лъугьинеги бокьарав чиясда хвел тIад щвайин абе гьев Аллагьасда* ﷻ *ва ахир къиямасеб къоялда иман лъуравлъун вукIаго. Гьав чи данделъе жиндие рокьулел гIадамалгун. Цинги цо имамасе байгIат гьабураб мехалъ, ва жинца гьесул кверги босидал, ракIалъе гьевги вокьидал, гьев имамасда мутIигIлъе жиндир хIал кIвараб хIалалъ. Цогидав тIад вачIун имамлъи бахъизе лъугьани, гьесул габуралда хвалчен къабе»*- абун.

Цинги дун гьав ГIабдуллагьида ؓ асклОвгIан къана, ва дица абуна: «Дица Аллагьасул цIаралдалъун гьарулеб буго: дуда авараг ﷺ рагIанищ гьаб хабар бицунев?»- абун. ГIабдуллагьица квераздалъун жиндир кIиябго гIиналда ишара гьабуна, цинги ракIалдаги ишара гьабуна, ва абуна: «дир кIиябго гIиналда рагIана гьаб хабар, ва дир ракIалъ жанибги цIунана»- абун. Цинги дица абуна: «гьав дур вацгIал МугIавиятица (жинда Аллагь разилъаяв) нижеда амру гьабулеб буго нижеца батIулаб нухда боцIи кванай абун, ва ниж цояз цоялги чIвай абун.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ абулеб буго: «Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужеда гьоркьоб бугеб боцIи батIулаб нухалда кванаге, цо-цазда разилъун гьабураб даран букIун гурони. нужеца нужгоги чIваге (муъминзабаца муъминзаби чIваге). ХIакълъунго Аллагь ﷻ нужеда цIакъ гурхIулев вуго» абун. (сурату Ннисаъ 29 аят).

Цинги гьев ГIабдуллагь ؓ дагьаб мехалъ ургъулев гIадин чIчIана, хадуб гьес абуна: «нуж гьев МугIавиятида ؓ мутIигIлъе, Аллагьасда ﷻ мутIигIлъилъун бугеб амруялъулъ, ва нуж гьесда гIассилъе (гьесда мутIигIлъуге) Аллагьасда гIасилъилъун бугеб амруялъулъ» – абун.

Муслимица, ва Бухарияс бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«дида мутIигIлъарав чи Аллагьасда* ﷻ *мутIигIлъарав вуго. Дида гIасилъарав чи Аллагьасда гIасилъарав вуго. Дир амирасда мутIигIлъарав чи дида мутIигIлъарав вуго. Дир амирасда гIасилъарав чи дида гIасилъарав вуго»*- абун.

ГIакъло бугел гIадамазе гIибрат босизе гIураб жо буго гьаб хIакъаб каламалъулъ. Аллагьас ﷻ иманалъул ва гIелмуялъул нуралдалъун

жагьиллъиялъул бец1лъи т1аса инабеги. Амин.

**60. Дуда рихьуларищ Мух1аммад ﷺ, ва мун г1ажаиблъи гьабун валагьуларищ гьел мунафикъазда, дуда решт1изабураб Къуръаналда иман лъунаян, ва дуда цеве вук1арав аварагасда решт1изабураб жоялдаги иман лъунаян абулел, цинги жидееги бокьулел жидеда гьоркьоб х1укмо гьабизе т1агъут1ихъ ине.**

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يَزْعُمُونَ أَنَّهُمْ آمَنُوا بِمَا أُنزِلَ إِلَيْكَ وَمَا أُنزِلَ مِن قَبْلِكَ يُرِيدُونَ أَن يَتَحَاكَمُوا إِلَى الطَّاغُوتِ وَقَدْ أُمِرُوا أَن يَكْفُرُوا بِهِ وَيُرِيدُ الشَّيْطَانُ أَن يُضِلَّهُمْ ضَلَالًا بَعِيدًا ﴿٦٠﴾

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьав т1агъут абун жинда ц1ар тарав чи Каг1бу ибну Ашраф вуго, ягьудиязул бищунго квешазул цояв. Гьесда т1агъутан абуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда тушманлъи гьабиялъулъ, ва жиндир къосиналъулъ ц1акъ гучав вук1иналъ. **Гьал мунафикъазда амруги гьабун бук1адго нужеца т1агъуталда инкар гьабе абун.** Цох1о Аллагьасе гьабе лагълъи, цогидаб кинабго жо рик1к1ад гьабун те абун. Т1агъут абула кинабниги Аллагьасда г1асилъараб жоялда, хасго гьеб ц1ар щайт1аналда г1емер абула. **Гьеб щайт1аналъеги бокьула г1адамал бит1араб нухдаса къосинаризе, ва Аллагьасул ﷻ т1орит1иялдасаги руссинаризе.**

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Бишрун абулев мунафикъасул цо ягьудиясулгун даг1ба бук1ана. Цинги ягьудияс абуна: «вач1а мун, нилъ х1укмо гьабизе Мух1аммадихъе ине руго»- абун. Бишруца абуна: «нилъ х1укму гьабизе Каг1бихъе ине руго»-абун. Гьав Каг1бо вуго Аллагьас жинда т1агъут абун ц1ар лъурав». Ягьудияв разилъич1о Мух1аммадихъе ﷻ ун х1укмо гьабиялда гурони. Аллагьасул свалат салав лъеяв аварагас х1укму гьабун ягьудияв вергьана.

Аллагьасул расуласда аск1оса къват1ив вахъаравго мунафикъас абуна: дун гьаб х1укмуялда рази гьеч1о. Нилъ ине руго Г1умарасх1абасухъе абун. Цинги жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абасухъе ана, ва ягьудияс бицана нижее аварагас ﷺ х1укму гьабун бук1анин, гьелда гьав Бишру разилъич1ин абун. Г1умар رضي الله عنه асх1абас Бишруда гьикъана: гьав чияс бицухъин бугищ гьеб иш абун. Дос «буго» абуна. Цинги Г1умар رضي الله عنه асх1аб т1аде вахъана, ва нуж гьаб бак1алда ч1аянги абун рукъов жанив ана. Гьенисан хвалченги босун вач1ун, мунафикъасул горболъ гьебги кьабун гьев г1одове рехана, ва жинца абуна: «дица гьадинаб х1укму гьабула Аллагьасул ва гьесул расуласул х1укмуялда разилъуларев чиясе» – абун.

Цинги Т1адег1анав Аллагьас гьаб цебе араб аят решт1изабуна.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا إِلَىٰ مَا أَنزَلَ
اللَّهُ وَإِلَى الرَّسُولِ رَأَيْتَ الْمُنَافِقِينَ
يَصُدُّونَ عَنكَ صُدُودًا ﴿٦١﴾

**61. Мунафикъзабазда абидал нуж х1укму гьабизе рач1а Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ решт1изабураб Къуръаналда ва Аллагьасул расуласдаги ﷺ абун, дуда мунафикъзаби рихьана Мух1аммад ﷺ, дудаса руссунелльун ч1ух1араб руссиналъ.**

فَكَيْفَ إِذَا أَصَابَتْهُم مُّصِيبَةٌ بِمَا
قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ ثُمَّ جَاءُوكَ يَحْلِفُونَ بِاللَّهِ
إِنْ أَرَدْنَا إِلَّا إِحْسَانًا وَتَوْفِيقًا ﴿٦٢﴾

**62. Гьал мунафикъазул щиб х1алха бук1инеб жидеда Аллагьасул г1азаб щвараб мехалъ, гьез гьарурал къабих1ал пишабазе жазаълъун.** Жидер купру- нифакъ ва Аллагьасда г1асилъи сабаблъун г1азаб гьабулеб мехалъ, гьезул х1ал к1оладай гьеб г1азаб нахъч1вазе? **цинги Гьал мунафикъзаби духъе рач1унел руго, ва Аллагьасул ц1аралдалъун гьедулелги руго жудее лъик1лъи бокьун бук1анин, ва рекъелги бокьун бук1анин абун.** Гьез абулеб буго, ниж дур х1укму рихарал гуро, ниж цогидазухъе ун рук1ана х1укму гьабизе гьел даг1бадулазе гьелъул маслих1ат бук1иналда хьул лъун абун.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ يَعْلَمُ اللَّهُ مَا فِي
قُلُوبِهِمْ فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَعِظْهُمْ
وَقُل لَّهُمْ فِي أَنفُسِهِمْ قَوْلًا بَلِيغًا ﴿٦٣﴾

**63. Гьел г1адамал руго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ жидер рак1азулъ бугеб нифакъ лъалел.** Гьезие бокьун буго Мух1аммад ﷺ, мун гуккизе гьуинаб хабар бицун, амма гьезул рак1азулъ нифакъ буго, макро, х1иллаги буго. **Мун гьаздаса вуссун ч1а,** ва гьезие г1акъуба гьабуге. Дуца гьезда лъазеги тоге дуда гьезул мунафикълъи лъалеб бук1ин. Гьедин х1инкъун рук1а абе, кидадай жидер макро т1атилаян абун. **Дуца гьезие ваг1за гьабе,** ва мунафикъзабазе бук1унеб гучаб г1азабги бице. **Ва дуца гьезда х1акъаб раг1иги абе Мух1аммад ﷺ, дудаги гьездаги гьоркьоб бугеб жо бицун. Пасих1аб, гьваридаб раг1и бице гьезул рек1елъ жаниб унеблъун,** ва гьел квешал г1амалаздаса ва нифакъалдаса нахъ ч1валеблъун бук1ине.

وَمَا أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا لِيُطَاعَ
بِإِذْنِ اللَّهِ ۚ وَلَوْ أَنَّهُمْ إِذ ظَّلَمُوا
أَنفُسَهُمْ جَاءُوكَ فَاسْتَغْفَرُوا اللَّهَ
وَاسْتَغْفَرَ لَهُمُ الرَّسُولُ لَوَجَدُوا
اللَّهَ تَوَّابًا رَّحِيمًا ﴿٦٤﴾

**64. Дица цониги авараг вит1ич1о, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изнуялдалъун жинда уммат мут1иг1илъизе гурони.** Аварагасда мут1иг1лъарав чи Аллагьасда мут1иг1лъарав вуго, аварагасда г1асилъарав чи Аллагьасда г1асилъарав вуго. Гьеб Аллагьасда мут1иг1лъиги, г1ассилъиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ

изнуялдалъун, гьесул тавфикъалдалъун гурого букӀуларо.

**Гьел мунафикъзаби, жудеца напсазе зулму гьабун хадуб:** жидеда гьоркьоб хӀукму гьабизе духъе рачӀинчӀого ягьудиязухъе ун, **Тавбо гьабун, рекӀекълъун духъе рачӀун рукӀаралани, жудер мунагьазда мукӀурлъун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мунагьал чуриги гьарун, цинги расуласги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ Аллагьасда гьарун букӀарабани гьезул мунагьал чуре абун. Гьал гӀадамазда Аллагь ватилаан жинца тавбо къабул гьабулевлъун, ва жив цӀакъ гурхӀулевлъун.**

فَلَا وَرَبِّكَ لَا يُؤْمِنُونَ حَتَّىٰ يُحَكِّمُوكَ فِيمَا شَجَرَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ لَا يَجِدُوا۟ فِىٓ أَنفُسِهِمْ حَرَجًا مِّمَّا قَضَيْتَ وَيُسَلِّمُوا۟ تَسْلِيمًا ﴿٦٥﴾

**65. Дур БетӀергьан Аллагь гьедулев вуго МухӀаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ: гьел гӀадамал иман лъураллъун рукӀунаро, жидеда гьоркьоб бугеб дагӀба-къецалъе хӀукму гьабизе духъе рачӀизегӀан. Дуца гьезда гьоркьоб хӀукму гьабун хадубги гьеб хӀукмуялда ракӀ разилъизегӀан ва тӀубараб хӀалалъ дуде нахърилълъизегӀан.**

Аллагьасде, ва гьесул аварагасде صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ мутӀигӀлъиялъе гӀаламат букӀуна жидеца гьезул хӀукму къабул гьаби, ва гьеб хӀукмуялъе мукӀурал, мутӀигӀал рукӀин щибго дагӀба гьечӀого, ва ракӀ разилъун.

Гьаб кӀиябго аяталдла жаниб бицун буго иман лъурал гӀадамал жидеда гьоркьоб ккараб хилап ва дагӀба тӀубазе, гьелъие хӀукму гьабизе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръаналда ва хирияв аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ суннаталде руссине тӀадаб букӀин. БетӀергьан Аллагьас гьа гьедун абулеб буго гьел гӀадамал иман лъурал рукӀуларин абун жидеда гьоркьоб хӀукму гьабизе духъе рачӀинчӀеб мехалъ.

Бусурбабазул къанун Къуръан буго, гьеб Къуръан аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ суннаталъ баян гьабун буго, ва хадуб имамзабаз ва гӀалимзабаз Къуръан хӀадисалдаса хӀукму босун, гьеб нилъеда бицун нилъеда тӀаде рачӀунел киналго умуразе жинца гӀей гьабулеб гӀелму данде гьабун буго.

Гьаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ, ва аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ хӀукмуялдалъун хӀукму гьабизе тӀадабги букӀаго цоги къануналдалъун, яги гӀадаталдалъун хӀукму гьаби хӀарамаб букӀуна. КӀиго бусурманчияс кинаб бугониги даран-базаралда, ва цогидаб чӀаголъиялда хурхараб масъалаялъулъ жидеда гьоркьоб къотӀи-къайи гьабулеб мехалъ, гьеб къотӀи гьабизе ккола щаргӀалда рекъон кколеб хӀалалъ, шаргӀалда борцун, рукӀине кколел шурутӀал цӀунун.

Цинги гьеб къотӀи-къаялъулъ хилиплъи ккун гьезда гьоркьоб

х1укму гьабизе ккараб мехалъ, гьеб гьабизе рач1ине ккола Къуръан-х1адисалдаса х1укму гьабулев х1акимасухъ. Гьединав х1аким гьеч1они жинда х1укму гьабизе к1олев, жиндир г1елму, ва дин бац1ц1адав г1алимасухъе ине ккела.

Ахир заманалъул бусурбаби гьаб шарг1алдаса т1убанго руссун руго, ва жидеего бокьарал шурут1алги гьоркьор лъун, гьезда рекъон къот1и гьабулеб буго жидеда гьоркьоб гьабулеб дараналъулъ ва цогидаб ишалъулъ. Цинги гьеб х1укмуялъулъ гьел хилипфлъараб мехалъ, жидерго къуваталдалъун, ва къват1ул г1адатаздалъун цо-цаздехун ккараб тушманлъиги борхулеб буго.

Цоги къокъа буго жал бусурбаби ругин абулел, ва амма жидер кинабго х1укму кафурав ханас г1уц1араб къануналда рекъон хьвадизабулел: къот1и-къайиги гьелда рекъезабулел, даг1ба-къецги капурав х1акимасухъ ун т1убалел, ва гьев х1акимас гьабураб х1укмуялда разилъун рук1унел. Гьаб к1иябго къукъаялда ц1ар бусурбаби абун бугониги гьаз гьабулеб г1амал капурзабазул буго, ва гьезул х1акъалъулъ решт1арал Къуръаналъул аяталги руго.

Бусурман чиясул ц1ар бук1иналъ (Мух1аммад, Г1али, Г1умар, абун), бусурбабазул хъизаналда гьоркьов вук1иналъги, гьев чи бусурманчи гьавуларо. Чиясул иман-исламги, гьесул купру-ширкги гьес гьабулеб г1амалалдалъун бук1уна. Гьаб дунялалъул маг1ишат данде гьабизе г1ураб г1акълу бугев чиясда жив вижарав, хьихьулев, жиндир ишазул тадбир гьабулев Бет1ергьан вук1инги лъазе т1адаб буго, цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жив щиб жоялъедай вижана абун ургъизеги т1адаб буго, хадуб гьев Аллагь разилъулеб хьвади гьабизеги т1адаб буго.

Х1айванал г1адин кванан-гьекъон, гьава-напсалда нахърилълъун, чорхол мурадал т1уран хьвадарал г1адамал ахир ц1акъ пашманлъула, гьезул руссунеб бак1ги жужах1 бук1ула.

Аллагьас гьадинаб ахиралдаса нилъ ц1унаги. Амин.

وَلَوْ أَنَّا كَتَبْنَا عَلَيْهِمْ أَنِ اقْتُلُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ أَوِ اخْرُجُوا۟ مِن دِيَـٰرِكُم مَّا فَعَلُوهُ إِلَّا قَلِيلٌ مِّنْهُمْ ۖ وَلَوْ أَنَّهُمْ فَعَلُوا۟ مَا يُوعَظُونَ بِهِۦ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَأَشَدَّ تَثْبِيتًا ﴿٦٦﴾

**66. Дица гьал мунапикъзабазда амру гьабуни нужер напсал ч1вай абун, яги нуж нужер росабалъан къват1ире рахъа абун, гьеб амру т1убаларо ц1акъго дагьал, иман рек1елъ бугел г1адамаз гурони.**

Цересел умматазул г1адамазда г1адин гьединал зах1матал таклифал т1аде къани гьез гьел т1убаларо, ва гьеб амруялда нахъги рилълъунаро: гьел рек1елъ иман гьеч1ел рук1ин сабаблъун.

**Гьез жудеда амру гьабураб иш гьабулебани:** Аллагьасда ﷻ, ва гьесул аварагасда ﷺ мут1иг1лъи, ва гьезул амруялда нахърилълъин, **жидее гьеб дунялалдаги ахираталдаги лъик1 бук1илаан, гьезул иманги щулалъилаан.** Ва гьел къосиналдасаги, нифакъалдасаги рик1к1алъилаан.

**67. Гьадин хьвадараб мехалъ Дица гьезие дир рахъалъан ц1акъ к1удияб ажро кьелаан:** وَإِذًا لَّأَتَيْنَاهُم مِّن لَّدُنَّا أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٦٧﴾

гьезда Аллагь ﷻ разияб нух бихьизабун, гьеб нухалъ хьвадизе тавфикъ гьабун ва ахираталда алжан насибаллъун гьарун.

**68. Ва Дица гьел бит1араб динул исламалъул нухалда т1орит1ун гьелда хьвадизарилаан.** وَلَهَدَيْنَاهُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيمًا ﴿٦٨﴾

**69. Аллагьасда ﷻ, ва аварагасда ﷺ мут1иг1лъарав чи,** ва гьедин мут1иг1лъарал киналго бусурбаби: **гьал руго Бет1ергьан Аллагьас жидее ниг1мат кьурал, лъик1ал г1адамалгун цадахъ жиндир хирияб алжаналде лъугьизарулел. Гьел Аллагь ﷻ разиял лъик1ал г1адамал аварагзаби руго, жидер диналъулъ рит1ухъал сиддикъуналги руго, Аллагьасул диналъе г1оло рагъун хварал шагьидзабиги руго. Цогидал лъик1ал муъминзабиги руго. Гьал г1адамал ц1акъ лъик1ал руго гьалмагъзабилъун рук1ине.** وَمَن يُطِعِ اللَّهَ وَالرَّسُولَ فَأُولَٰئِكَ مَعَ الَّذِينَ أَنْعَمَ اللَّهُ عَلَيْهِم مِّنَ النَّبِيِّينَ وَالصِّدِّيقِينَ وَالشُّهَدَاءِ وَالصَّالِحِينَ وَحَسُنَ أُولَٰئِكَ رَفِيقًا ﴿٦٩﴾

**70. Гьаб к1удияб даража-макъам Аллагьасул сайгъат, ва т1ок1лъи буго:** ذَٰلِكَ الْفَضْلُ مِنَ اللَّهِ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ عَلِيمًا ﴿٧٠﴾

Лагъасул г1амал сабаблъун гьадинаб к1удияб даража щоларо, г1амал дагьаб бугониги Аллагь ﷻ разилъи щвараб мехалъ кьола лагъасе ц1акъ к1удияб ажро. **Т1едег1анав Аллагь г1езе вуго лагъзадерил г1амал жинда лъалевлъун вук1ин.** Ва щив лагъасе кинаб жазаъ гьабилебги жинда лъалевлъун вук1ин.

Гьаб к1иго аят решт1инабиялъе сабаб бицун Аллагь жинда разилъаяй Г1аишатица абуна. Цо къоялъ цо асх1аб вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва гьес абуна:

*«Я бичасул расул ﷺ! Мун дие хирияв вуго дирго напсалдаса, ва дир лъималаздасаги. Дун рокъов вук1ун мун рак1алда щвараб мехалъ дида ч1езе к1оларо мун вугеб бак1алде вач1ун гурони, ва дуда валагьун гурони. Дида рак1алде щола дунги мунги хвезе рук1ин. Цинги мун цогидал аварагзабигун цадахъ т1адег1анаб макъамалда*

*вук1унеблъиги, ва дун алжаналде лъугьани дида мун вихьиларин абун х1инкъун вуго дун»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесие жаваб гьабич1о гьаб цебе араб аят решт1инег1ан.* Ай гьаб аят решт1ана гьев асх1абасул къисаялъул х1акъалъулъ. Х1адис ибну Мардавейгьица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе цо чи вач1ана, ва гьес абуна:

*«Я расулаллагь ﷺ! Дица Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда, ва мун гьесул расул вук1иналда иманлъун нуг1лъи гьабула. Къойил щуго какги бала, дир боц1удасан закатги кьола, Рамазан моц1алъ к1алги ккола»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: гьеб х1алалда хварав чи ахираталда аварагзабигун, рит1ухъал муъминзабигун, шагьидзабигун вук1уна гьаб х1алалъ»-* абун, хирияв аварагас ﷺ цоцалъе цузабун к1иго килиш бихьизабуна.

Гьаб аяталда жаниб аварагзабазда хадур г1унт1изарун «ассидикъина» абулел муъминзаби рицун руго. Гьал руго жидеца Аллагьасул диналъе квер бакъизе ях1 бахъарал хириял асх1абзаби: жидер иманги камилал, аварагасдехун бугеб гьалмагълъиги рит1ухъал. Гьаб т1ок1лъи буго цогидал аварагзабазул рук1арал, гьезие квер бакъарал ва жидер рит1ухълъи камилал киналго муъминзабазеги. Гьазул хиралъи т1ок1аб бук1иналда т1орит1ел гьабун шагьидзабазда цебе бицана гьезул ц1ар. Шагьидзабазда хадуб «ассвалих1ина»-ян жидеда абурал муъминзаби руго. Гьел руго жидеца Аллагьасул парз т1убарал, аварагасул суннатги ц1унарал, к1удиял мунагьалги гьаруларел, г1исинал мунагьаздаги тавбо гьабун хьвадулел г1адамал.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ خُذُواْ حِذۡرَكُمۡ فَٱنفِرُواْ ثُبَاتٍ أَوِ ٱنفِرُواْ جَمِيعٗا ﴿٧١﴾

**71. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж нужер тушманасдаса ц1унараллъун рук1а, ва гьесда данде ч1езе к1олеб х1адурлъиги гьабе. Ва нуж Аллагьасул дин ракьалда бук1иналъе г1оло гъазаваталде рахъа къокъаби гьарун, ва киналго цадахъги.**

Маслах1ат хал гьабун рахъа гъазаваталде.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагас цо-цо къокъа бит1улеб бук1ана жидедат1адамиргигьавунгьебкъокъабит1унг1олебрагъулъе.Киналго асх1абзабиги рахъине гьарунги унев вук1ана гьедин ине маслах1ат бихьараб бак1алда.Нилъееги гьаб х1укму буго, ва бусурбабазул амру кодоб бугел исламалъул х1акимзабаца ва г1алимзабаца гьабула гъазават кин гьабилеб абураб х1укму, гьеб х1укму гьабизе рег1унги

ругони, санаг1атги бугони.

Тушман т1аде к1анц1ун, исламалъул ракьал рахъун, бусурбаби лагълъиялда ккезарун ругеб мехалъ, щивав бусурманчи жиндир х1ал к1вараб жо гьабун къеркьезе ккола гьеб зулму т1аса инабизе.

Цо-цо чи къват1ив вахъун тушманасда вагъизе ун гьаб зулму т1аса унаро. Гьелдалъун исламалъе ва бусурбабазе зарал ц1ик1к1уна, гьезул къуват дагьлъула, бах1арчилъи бугел г1адамалги дагьлъула. Исламияб жамаг1ат г1уц1изе ккола, ва хирияв аварагасул ﷺ, ва асх1абзабазул нух лъазабун гьеб нухалда хьвадизе ккола.

Гьаб хирияб аяталъ муъминзабазда амру гьабулеб буго Аллагьасул, ва муъминзабазул тушбабаздаса ц1уне нуж абун. Гьаб амруялъ т1адаблъун гьабулеб буго муъминзаби х1адурун рук1ине ккеялда: ярагъ х1адурун, боял х1адурун, цогидаб къвариг1унебщинаб жоги х1адурун, жидер боязул къадарги г1емерлъизабун. Цинги къват1ире рахъине ккараб къоялъ жидеда т1ад ругел амираз, ва имамаз малъараб х1алалъ къват1ireги рахъине.

وَإِنَّ مِنكُمْ لَمَن لَّيُبَطِّئَنَّ فَإِنْ أَصَٰبَتْكُم مُّصِيبَةٌ قَالَ قَدْ أَنْعَمَ ٱللَّهُ عَلَىَّ إِذْ لَمْ أَكُن مَّعَهُمْ شَهِيدًا ﴿٧٢﴾

**72. Нужеда гьоркьор руго мунапикъзаби, жидеца гъазаваталдаса муъминзаби нахъе ц1алел. Нужеда цо къварилъи щвараб мехалъ гьез абулеб буго: Аллагьас дие лъик1лъи гьабун буго дун гьал г1адамалгун цадахъ гъазаваталда ун гьеч1олъиялдалъун.**

Дунги ч1валаан гьенив, я дида ругънал щолаан абун.

وَلَئِنْ أَصَٰبَكُمْ فَضْلٌ مِّنَ ٱللَّهِ لَيَقُولَنَّ كَأَن لَّمْ تَكُنۢ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُۥ مَوَدَّةٌ يَٰلَيْتَنِى كُنتُ مَعَهُمْ فَأَفُوزَ فَوْزًا عَظِيمًا ﴿٧٣﴾

**73. Нужее Аллагьасул рахъалъан цо лъик1лъи щвани, ва нуж гъазаваталда бергьун нужее гъанимат щвани, гьел мунафикъаз абизе буго: нужгун цадахъ рач1ине жудер рес бук1инч1ого гьоркь хут1ун рек1екълъарав чияс г1адин: дун гьал г1адамалгун цадахъ рагъда вук1араб анищха, диеги г1емераб гъанимат щвезе бук1анаян** абун.

Гьав чи гъазават бокьарав гуро, муъминзабазул гьалмагъги гуро. Гьав вуго цох1ого дунялалъул боц1и т1алаб гьабулев чи.

۞ فَلْيُقَٰتِلْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ٱلَّذِينَ يَشْرُونَ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا بِٱلْءَاخِرَةِ وَمَن يُقَٰتِلْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ فَيُقْتَلْ أَوْ يَغْلِبْ فَسَوْفَ نُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٧٤﴾

**74. Аллагьасул диналъе г1оло рагъ гьабе дунялалъул ч1аголъи бичун ахират босарал муъминзабаз:**
жидеца жидер напсал ва боц1и Аллагьасул нухалда кьолел, ва гьеб напакъаде кьеялдаса Аллагь разилъи

гуреб цоги щибго жо т1алаб гьабуларел. **Жудеца Аллагьасул ﷻ нухалда гъазават гьабун рагъ гьабурал г1адамал, цинги жал шагьидлъарал, яги жидее бергьенлъи щварал, дица гьал г1адамазе ахираталдаги ц1акъ к1удияб ажро кьезе буго.** Дунялалъул рукъобги щвезе буго гьезие ажро. Гъазаваталда вахъарав чиясе к1иго рохел бицун буго: шагьидлъун хвей буго цо, яги бергьенлъи щун гъанимат (давла) щвейги буго к1иабилеб.

Жинда Аллагь разилъаяв Муслимица бицараб х1адисалда буго: *«Т1адег1анав Аллагьас ﷻ абулеб буго: «Дун к1удияб ажро кьезелъун гъоркье ч1арав вуго Аллагьасул диналъе г1оло гъозават гьабизе къват1ив вахъарав чиясе: г1иц1го гьеб диналъе г1оло жигьад гьабизе вахъарав, дида иман лъун вахъарав, ва дир аварагзаби рит1ухъ гьарун вахъарав чиясе: Дица гьев шагьидлъун вахъун алжаналда лъугьизавила, яги дица гьев жиндир рокъов т1ад вуссинавила жиндие ажроги щун, яги гъаниматги ажроги щун»* абун.

وَمَا لَكُمْ لَا تُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَٱلْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ ٱلرِّجَالِ وَٱلنِّسَآءِ وَٱلْوِلْدَٰنِ ٱلَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَآ أَخْرِجْنَا مِنْ هَٰذِهِ ٱلْقَرْيَةِ ٱلظَّالِمِ أَهْلُهَا وَٱجْعَل لَّنَا مِن لَّدُنكَ وَلِيًّا وَٱجْعَل لَّنَا مِن لَّدُنكَ نَصِيرًا ﴿٧٥﴾

**75. Нужеца жигьад гьабичлого букline г1илла щиб бугеб я гьал муъминзаби, нужер диналъул вацал мушрикаца къварид гьарула ругеб мехалъ, гьижра гьабизе рес лъугьинч1ого Маккаялда хут1арал заг1ифал бихьинал, руччаби, ва лъимал.**

Бат1и-бат1ияб къварилъи ва г1азаб гьабун мушрикаца жал г1одорег1ан гьарун ругел, жидер къуватги гьеч1ел гьезда данде рагъ гьабизе, ва гьездасан хвасарлъизе. **Ва Аллагьасда гьарун дуг1а гьабулел ругел: «Я нижер Бет1ергьан Аллагь ﷻ! Дуца ниж гьаб росолъан къват1ир рахъизаре, жиндир агьлу ц1акъ квешал залимзабилъун ругеб. Ва дуца нижее дур рахъалъан валиги гьаве нижер амруялъул к1вар гьабулев, ва нижее квер бакъулев чиги гьаве»** абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «дунги, дир эбелги рук1ана гьал Маккаялда хут1арал, мушриказ къварид гьарулел рук1арал г1адамалгун цадахъ»- абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие дуг1а гьабулеб бук1ана, ва гьес абулеб бук1ана: *«Я дир Аллагь ﷻ! Дуца Валидил вас Валид хвасар гьаве, Гьашимил вас Салмат хвасар гьаве»*-абун ц1ар-ц1ар ккун гьарулаан Аллагьасда. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьел муъминзабазул ва аварагасул дуг1аялъе жаваб гьабуна, ва гьезие бищунго лъик1ав валиги, квер бакъулев чиги гьавуна. Гьавги Аллагьасул свалат салам

лъеяв Мух1аммад вуго. Макка бахъун хадуб гьенив валилъун аварагас Г1утаб ибну Усайд رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1аб тана, ва гьес жидее зулму гьабун рук1аразе залимзабаздаса х1акъ босана.

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ يُقَٰتِلُونَ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟
يُقَٰتِلُونَ فِى سَبِيلِ ٱلطَّٰغُوتِ فَقَٰتِلُوٓا۟ أَوْلِيَآءَ
ٱلشَّيْطَٰنِ ۖ إِنَّ كَيْدَ ٱلشَّيْطَٰنِ كَانَ ضَعِيفًا ٧٦

**76. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал г1адамал гьесул нухалда рагъулел руго.**

Гьебги ц1акъ т1адег1анаб макъам буго, Аллагьасул диналъе квербакъи буго, ракьалда т1ад гьеб дин т1ибит1изаби буго, ва Аллагь разилъи т1алаб гьабиги буго. Гьал г1адамазе валилъи гьабулев, гьазие квер бакъулевги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.

**Капурал г1адамал рагъулел руго щайт1аналъул нухалда.** Гьеб щайт1анги купру-ширкалда, къосиналда, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1ассилъиялда жинца ах1улеб буго. **Нужеца гьаб щайт1аналъул гьудулзабазда рагъ гьабе,** я Аллагьасул гьудулзаби. Нуж гьездаса бергьине руго. Нужее квер бакъулев Аллагь вугелъул, ва нуж х1акъаб нухда ругелъул. **Х1акълъунго гьеб щайт1аналъул макро ц1акъ заг1ипаб буго.**

Замахшари абулев г1алимас абуна: «Щайт1аналъ муъминзабазе гьубулеб макро ц1акъ заг1ипаб жо буго Аллагьас капурзабазе гьабулеб макроялда данде ккун»- абун.

أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ قِيلَ لَهُمْ كُفُّوٓا۟ أَيْدِيَكُمْ وَأَقِيمُوا۟
ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ فَلَمَّا كُتِبَ عَلَيْهِمُ ٱلْقِتَالُ
إِذَا فَرِيقٌ مِّنْهُمْ يَخْشَوْنَ ٱلنَّاسَ كَخَشْيَةِ ٱللَّهِ أَوْ
أَشَدَّ خَشْيَةً ۚ وَقَالُوا۟ رَبَّنَا لِمَ كَتَبْتَ عَلَيْنَا ٱلْقِتَالَ
لَوْلَآ أَخَّرْتَنَآ إِلَىٰٓ أَجَلٍ قَرِيبٍ ۗ قُلْ مَتَٰعُ ٱلدُّنْيَا قَلِيلٌ
وَٱلْءَاخِرَةُ خَيْرٌ لِّمَنِ ٱتَّقَىٰ وَلَا تُظْلَمُونَ فَتِيلًا ٧٧

**77. Дуца пикру гьабун мун валагьуларищ Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дур асх1абзабазул цо къокъаялда: Маккаялда ругеб мехалъ жидеда амру гьабун рук1арал мушриказда рагъ гьабуге, гьезулгун питна кколеб жоялдасаги ц1унун ч1а, ва паризаяб как бай, боц1удаса закатги кье абун.**

Гьадин абидалго гьел асх1абзаби рук1ана мушриказда ццим бахъун, гьездаса рец1ел босизе рагъизе бокьун.

**Цинги гьезда жигьад гьаби т1адаблъун гьабидал ва мушриказда купаразда рагъ гьабеянги абидал, цо къокъа гьеб амру т1убазе бокьич1ого, г1адамаздаса х1инкъулел руго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъулеб х1алалъ, гьелдасаги ц1ик1унги х1инкъулел руго. Гьез абулеб буго: Я нижер Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, дуца нижеда жигьад парз щай гьабураб? Дуца гьеб жигьад парз гьабич1ого тун**

**бук1арабани дагьаб заманалъ,** ниж рокъор босада регун хвезег1ан. Рагъда ун ниж тушманас ч1ван, гьесул рак1 боххич1ого бук1изе»- абун.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Гьаб дунялалъул ч1аголъи ц1акъ дагьаб жо буго. Ахират ва алжан лъик1аб жо буго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарав чиясе, ва гьеб ахираталда гьезие щибго зулмуги гьабуларо»-** абун. Ажро-кири дагь гьабуларо, г1азаб ц1ик1к1изабуларо, цох1о расг1адаб жоги, гьелдасаги дагьаб жоги зулму гьабуларо.

**78. Нуж кир ругониги нужеде т1аде хвел щвезе буго, нуж ц1акъ щула гьарурал хъулбузда (крепость) жанир ругониги.** Гьаб х1укму гьадин бугелъул нужеда бич1ч1а рагъде унин абун жиндир ажал т1аде щвеч1ого инсан холаро. Гьаб раг1и буго доб жигьад парз гьабидалго, гьеб нахъе бахъун бук1араб анищ абурал г1адамазда абураб раг1и.

أَيْنَمَا تَكُونُوا۟ يُدْرِككُّمُ ٱلْمَوْتُ وَلَوْ كُنتُمْ فِى
بُرُوجٍ مُّشَيَّدَةٍ ۗ وَإِن تُصِبْهُمْ حَسَنَةٌ يَقُولُوا۟
هَٰذِهِۦ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ ۖ وَإِن تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ يَقُولُوا۟
هَٰذِهِۦ مِنْ عِندِكَ ۚ قُلْ كُلٌّ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ ۖ فَمَالِ
هَٰٓؤُلَآءِ ٱلْقَوْمِ لَا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ حَدِيثًا ﴿٧٨﴾

**Мунафикъзабаде цо лъик1лъи щвани гьез абулеб буго гьаб нижее Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб лъик1лъи буго** ниж гьелъие мустах1икъал рук1ун абун. **ва гьезда цо къварилъи щведалго жидеца абулеб буго: «гьаб къварилъи мун сабаблъун щвараб буго нижеда»-абун.** Ниж нижер умумузул динги тун дуда нахърилълъиналъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб къварилъи буго нижее гьаб абун.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «кинабго жо Аллагьасул рахъалъан буго»-абун. Гьаб къавмалъе бугеб жо щиб бугеб гьезда х1акъаб жо бич1ч1инч1ого бук1ине,** ва кинабго жоялъул къадар гьабиги, ихтиярги Аллагьасда кодоб бук1ин щай гьезда лъалареб?

**79. Дуда щвараб кинабго лъик1лъи, гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугеб буго. Дуда щвараб кинабго квешаб жо, гьеб дур напсалъул г1амал сабаблъун бугеб буго.**

مَّآ أَصَابَكَ مِنْ حَسَنَةٍ فَمِنَ ٱللَّهِ ۖ وَمَآ أَصَابَكَ مِن
سَيِّئَةٍ فَمِن نَّفْسِكَ ۚ وَأَرْسَلْنَٰكَ لِلنَّاسِ
رَسُولًا ۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًا ﴿٧٩﴾

Гьаб хит1аб кинавго инсанасда г1аммаб хит1аб буго. Ва гьаб буго муъминзаби Аллагьасул х1укму-къадаралда божиялъул къаг1ида: кинабниги ниг1мат, сахлъи г1акъло, г1илму ва цогидабги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир ц1обалдалъун, ч1обого нилъее кьураб жо буго, щибго жинда кьезе т1адаб гьеч1ого, ва нилъ гьелъие мустах1икълъунги

гьеч1ого. Щиб къварилъи, ва балагь бач1аниги гьеб хал гьабизе ккола нилъер напсазул г1айбалдалъун буго абун. Гьадин бугелъул кинабниги лъик1лъиялда данде Аллагьасе ﷻ щукру гьабизе ккола, ва кинабниги къварилъиялда данде Аллагьасдаса мунагьал рахчи, ва т1аса лъугьин гьаризе ккола.

**Дица мун вит1ана Мух1аммад ﷺ, киналниги г1адамазда расуллъун,** дир шариг1ат гьезухье щвезабизе. **Ва Аллагь ﷻ г1езе вуго нуг1лъун мун х1акъав расул вук1иналъе.**

مَّن يُطِعِ ٱلرَّسُولَ فَقَدۡ أَطَاعَ ٱللَّهَۖ وَمَن تَوَلَّىٰ
فَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ عَلَيۡهِمۡ حَفِيظٗا ﴿٨٠﴾

**80. Щив чи вугониги Аллагьасул расуласда мут1иг1лъарав, гьев вуго Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъарав чи. Щив чи вугониги аварагасда ﷺ мут1иг1лъич1ого мугъ бан, г1амал к1одолъи гьабун ч1арав, мун гьезул г1амалал ц1унизе вит1арав гьеч1о Мух1аммад ﷺ.** Мун гьезул х1исаб-суал гьабулев гьеч1о, ва гьез иман лъеч1ин абун дуе щибго къварилъиги гьеч1о, мун вуго гьезухье х1акъаб дин щвезабулев авараг.

وَيَقُولُونَ طَاعَةٞ فَإِذَا بَرَزُواْ مِنۡ عِندِكَ بَيَّتَ
طَآئِفَةٞ مِّنۡهُمۡ غَيۡرَ ٱلَّذِي تَقُولُۖ وَٱللَّهُ يَكۡتُبُ
مَا يُبَيِّتُونَۖ فَأَعۡرِضۡ عَنۡهُمۡ وَتَوَكَّلۡ عَلَى ٱللَّهِۚ
وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ وَكِيلًا ﴿٨١﴾

**81. Дуда аск1ор рук1ун, дур амруялда г1енеккун мунафикъаца абулеб буго «ниж дуе мут1иг1ал руго» абун. Цинги дуда аск1осан къват1ире рахъарабго гьез дуца амру гьабураб гуреб, цоги жидеего бокьараб жо гьабулеб буго. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьезул кинабго г1амал хъвалеб буго:** Г1амалал хъвалел малаиказ хъван нахъе ц1унун бук1ине буго гьеб г1амал. **Мун гьездаса вусса Мух1аммад ﷺ, гьезие къварилъи гьабуге, ва дуца таваккал Аллагьасда т1аме. Дуе Аллагь ﷻ г1езе вуго вакиллъун.** Т1адег1анав Аллагьас гьездаса ццим босизе буго дуе гьабураб къварилъиялда данде.

أَفَلَا يَتَدَبَّرُونَ ٱلۡقُرۡءَانَۚ وَلَوۡ كَانَ مِنۡ عِندِ
غَيۡرِ ٱللَّهِ لَوَجَدُواْ فِيهِ ٱخۡتِلَٰفٗا كَثِيرٗا ﴿٨٢﴾

**82. Мунафикъзабаца Къуръаналда г1енеккун гьелъул пикру щай гьабулареб? Гьеб Къуръан Аллагьасул ﷻ калам бук1инч1ебани гьезда гьениб жаниб г1емераб цо-цазда хилипаб жо батизе бук1ана.**

Мушриказ ва мунафикъаз абулеб бук1ана гьаб Къуръан Мух1аммадица жинцаго ургъун ц1алулеб буго абун. Гьезие жаваблъун, ва гьезул

мекъаб даг1ба хвезабилъун буго гьаб аят.

وَإِذَا جَآءَهُمۡ أَمۡرٞ مِّنَ ٱلۡأَمۡنِ أَوِ ٱلۡخَوۡفِ أَذَاعُواْ
بِهِۦۖ وَلَوۡ رَدُّوهُ إِلَى ٱلرَّسُولِ وَإِلَىٰٓ أُوْلِي ٱلۡأَمۡرِ
مِنۡهُمۡ لَعَلِمَهُ ٱلَّذِينَ يَسۡتَنۢبِطُونَهُۥ مِنۡهُمۡۗ
وَلَوۡلَا فَضۡلُ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ وَرَحۡمَتُهُۥ
لَٱتَّبَعۡتُمُ ٱلشَّيۡطَٰنَ إِلَّا قَلِيلٗا ٨٣

**83. Гьал мунафикъазухъе цо хабар щвараб мехалъ муъминзабазул х1акъалъулъ: гьел рагъда бергьана абун, яги къуна абун, жудеца гьеб хабар хеккого г1адамазда гьоркьоб т1ибит1изабулеб буго.**

Гьереси-бит1араб лъач1ого, х1асил ц1ехеч1ого, ва гьелдалъун муъминзабазе зарал гьабулеб буго.

**Жидеца гьаб хабар т1ибит1изабич1ого Аллагьасул аврагасда** ﷺ**, ва гьесул к1удиял асх1абзабаздаги** رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ**, жидеда гьоркьор ругел г1алимзабаздаги т1амун толебани, гьеб ишалъул лъик1аб ва квешаб рахъ гьезда лъазе бук1ана.** Ай: хирияв аварагас, ва жидер г1илму, г1акъло камилал асх1абзабаз бицине, ва х1укму гьабизе те гьеб хабар, жидеда т1ад гьеч1еб жо бицунге.

**Нужеда Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1об- рах1мо гьабун бук1инч1ебани, я гьал муъминзаби,** нужеда авараг вит1ун, ва Къуръанги решт1изабун. **Нуж щайт1аналда нахърилълъине рук1ана, ц1акъго дагьал муъминзаби хут1изег1ан.** Цинги гьеб щайт1аналъ къабих1ал г1амалал малъун нуж жужах1алда г1агар гьаризе рук1ана.

فَقَٰتِلۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ لَا تُكَلَّفُ إِلَّا نَفۡسَكَۚ
وَحَرِّضِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَۖ عَسَى ٱللَّهُ أَن يَكُفَّ بَأۡسَ
ٱلَّذِينَ كَفَرُواْۚ وَٱللَّهُ أَشَدُّ بَأۡسٗا وَأَشَدُّ
تَنكِيلٗا ٨٤

**84. Дуца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе г1оло рагъ гьабе Мух1аммад** ﷺ**! Гьаб амру цох1о дуда гьабулеб буго.**

Цогидал рагъ гьабизе х1инкъанин абун дуе къварилъи ккоге. Ва цох1ого мун хут1аниги дуца Аллагьасул нухалда гъазават гьабе, дуе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квербакъизе къот1и гьабун буго, ва мун бергьизе вуго.

**Цогидал муъминзабиги гьесизаре, гьезулги хьул лъезабе жигьад гьабизе. Т1адег1анав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужедаса капураб къавмалъул гуч, ва къуват нахъе ч1вазе буго. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир гуч бергьарав, ва жинца тушбаби ц1акъ х1инкъизарулев вуго.** Гьезие гучаб г1азаб гьабулев вуго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Бадруялъул рагъ гьабизе мухъал гьарулеб мехалъ, цевесан хьвадун мухъ бит1изе гьабулев вук1ана, ва гьес абулеб бук1ана: *«нуж рахъа Аллагьасул алжаналда ине, жиндир г1ат1илъи зобал-ракьалг1ан к1удияб бугеб»* абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:
*«жинца Аллагьасдаги аварагасдаги иман лъурав чи, фаризаяб какги барав, закатги кьурав, Рамазан моц1алъ к1алги ккурав, гьав чи алжаналда лъугьизави т1адаб буго Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ*, гьес Аллагьасул диналъе г1оло гьижра гьабун бук1аниги, живго гьавурав ракьалда г1одов ч1ун вук1аниги»-абун.*
*Цинги асх1абзабаз абуна: «нижеца гьаб рохел г1адамазда бициниш?» абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «алжаналда жаниб нусго макъам буго, Аллагьасул диналъе г1оло жигьад гьабулел муъминзабазе Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *къач1ан ругел. Щибаб даражаялда гьоркьоб зобалдаги ракьалдаги гьоркьоб г1ан манзил буго. Нужеца Аллагьасда гьарулеб мехалъ жаннатул пирдавс гьаре. Гьаб алжаназда гьоркьоб бугеб буго, бищун т1адег1ан бугеб алжанги буго. Гьелда т1адег1ан Аллагьасул г1арщ буго, гьенисан чваххула алжаназул г1орал»-* абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.
Аллагьас гьаб алжан щолеб г1амал гьабизе тавфикъ кьеги.

مَّن يَشْفَعْ شَفَٰعَةً حَسَنَةً يَكُن لَّهُۥ نَصِيبٌ مِّنْهَا ۖ وَمَن يَشْفَعْ شَفَٰعَةً سَيِّئَةً يَكُن لَّهُۥ كِفْلٌ مِّنْهَا ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ مُّقِيتًا ﴿٨٥﴾

**85. Жинца г1адамазда гьоркьоб лъик1аб жоялдалъун шапаг1ат гьабурав чиясе гьелъул ажро бук1ине буго, жинца квешаб жоялдалъун г1адамазда гьоркьоб шапаг1ат гьабурав чиясе гьелъул мунагьги бук1ине буго. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **кинабго жоялда х1ал к1олев вуго.**
Шапаг1ат гьаби абураб раг1иялдаса мурад буго жив г1адамазда гьоркьов лъугьин, хьвади. Ай: к1иго чиясда яги г1емерал г1адамазул к1иго къокъаялда гьоркьов лъугьун гьезул ишалъулъ г1ахьаллъи гьаби, ва гьеб иш т1убазе ях1 бахъи.

وَإِذَا حُيِّيتُم بِتَحِيَّةٍ فَحَيُّوا۟ بِأَحْسَنَ مِنْهَآ أَوْ رُدُّوهَآ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ حَسِيبًا ﴿٨٦﴾

**86. Нужее цояз тах1ият, к1одолъи гьабураб мехалъ, нужецаги гьелдасанги лъик1аб т1ах1ият гьабе, яги нужее гьабураб г1адаб тах1ияталдалъун жаваб гьабе. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинца кинабго жоялъул х1исаб гьабулев вуго,** ва жазаъ гьабулев вуго.
Гьаб аят буго муъминзабаца цо-цазе салам кьеялъул баян бицараб. Исламияб диналда жаниб к1иго яги г1емерал г1адамал данде ч1вараб мехалъ цо-цае салам кьей суннат буго. Салам кьеялъул машгьураб сигъа (раг1и) буго Ассаламу г1алайкум абураб. Гьаб раг1иялъул маг1наги буго нужеда Аллагьасул салам лъеги абураб. Гьадин цояз

салам кьураб мехалъ цогидазда данде жаваб гьаби паризаяблъун бук1уна. Гьеб жавабги Ваг1алайкумуссалам аби буго: нужедаги лъеги Аллагьасул салам абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул. Жаваб кьолес ц1ик1к1изабун кьезе суннатаб буго, бищун камилаб салам кьей, ва буссизаби: Ассаламу г1алайкум ва рах1матуллагьи ва баракатугьу, аби буго: нужеда Аллагьасул салам ва рах1матги ва баракатги лъеги абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул.

Бусурман чияс капурав чиясе салам кьезе бегьуларо бай бихьи гьабун. Капуурав чияс салам кьуни, гьелда данде жаваб кьезе бегьула ваг1алайкум абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абудавудица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *ц1аралдалъун гьедула дун: нуж алжаналда лъугьунаро нужеца иман лъун гурони: нуж иман лъуралги рук1унаро нуж цоял-цоязе рокьизег1ан. Дица нуж т1орит1илищ цо ишалда, нужеца гьеб гьабуни нуж цо-цазе рокьулеб. Нужеца нужеда гьоркьоб салам кьейи т1ибит1изабе»*- абун.

اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ لَيَجْمَعَنَّكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ وَمَنْ أَصْدَقُ مِنَ اللَّهِ حَدِيثًا ﴿٨٧﴾

**87. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жив цогояв, жив гурев цоги алагь гьеч1ев вуго. Гьев Аллагь гьедулев вуго дица нуж къиямасеб къоялъ данде гьарила абун. Жиндилъ щибго щаклъи гьеч1еб жо буго гьеб къиямасеб къо бач1ин.**

Нужер цересел умматалги, хадусел умматалги киналго цо майданалда ч1езарун нужер х1исаб- мизан гьабизе буго, ва щивав чиясе жиндир г1амалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго. **Жиндир раг1иялъулъ, ва къот1и-къаялъулъ Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **рит1ухъав чи щивха вук1инев?** Щивго вук1унаро.

۞ فَمَا لَكُمْ فِي الْمُنَافِقِينَ فِئَتَيْنِ وَاللَّهُ أَرْكَسَهُمْ بِمَا كَسَبُوا أَتُرِيدُونَ أَنْ تَهْدُوا مَنْ أَضَلَّ اللَّهُ وَمَنْ يُضْلِلِ اللَّهُ فَلَنْ تَجِدَ لَهُ سَبِيلًا ﴿٨٨﴾

**88. Нужее бугеб жо щиб, я гьал муъминзаби, мунафикъазул хабарги бицун, к1иго къокъа лъугьун нуж цо-цазде къецандизе ккани?. Аллагьас къосизаруна гьел мунафикъзаби гьезул г1амалал сабаблъун. Нужее букьунищ бугеб Аллагьас къосизарурал г1адамал т1орит1изе? Аллагьас къосизарурал г1адамазда бит1араб жоялда рач1унеб нух батуларо.**

Гьаб (88 аят) решт1ана Ух1удалда рагъ гьабизе къват1ир рахъун хадур нахъ руссарал мунафикъазул х1укмуялъулъ муъминзабазул цо-цазде

ккараб хилиплъи бицун.

وَدُّوا لَوْ تَكْفُرُونَ كَمَا كَفَرُوا فَتَكُونُونَ سَوَاءً
فَلَا تَتَّخِذُوا مِنْهُمْ أَوْلِيَاءَ حَتَّىٰ يُهَاجِرُوا
فِي سَبِيلِ اللَّهِ فَإِن تَوَلَّوْا فَخُذُوهُمْ وَاقْتُلُوهُمْ
حَيْثُ وَجَدتُّمُوهُمْ وَلَا تَتَّخِذُوا مِنْهُمْ وَلِيًّا
وَلَا نَصِيرًا ﴿٨٩﴾

**89. Гьал мунафикъазе бокьула нужги купруялда руссине, гьел капурал ругел г1адин, цинги нужги гьелги ращад рук1ине. Нужеца гьел мунафикъаздаса гьудулзаби гьаруге, ва гьезулгун гьоркьоблъиги гьабуге, гьез Аллагьасул нухда гьижраги гьабун, жигьадги гьабун, жидер иманлъей х1акъаблъун гьабизег1ан. Цинги гьел мунафикъзаби гьижра гьабиялдаса, ва жигьад гьабиялдаса руссани, нужеца гьел кодоре росе, ва кирехун ратаниги гьел ч1вай. Нужеца гьездаса цониги чи квербакъизе валилъун гьавуге, ва гьезул насих1атги босуге, гьез нужее квербакъизе, ва гьудуллъи гьабизе къот1и гьабулеб бугониги.** Гьел руго хиянатчаг1и, ва гьезул раг1и кквейги, къот1и т1убайги бук1уларо.

إِلَّا الَّذِينَ يَصِلُونَ إِلَىٰ قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُم
مِّيثَاقٌ أَوْ جَاءُوكُمْ حَصِرَتْ صُدُورُهُمْ أَن
يُقَاتِلُوكُمْ أَوْ يُقَاتِلُوا قَوْمَهُمْ وَلَوْ شَاءَ
اللَّهُ لَسَلَّطَهُمْ عَلَيْكُمْ فَلَقَاتَلُوكُمْ فَإِنِ
اعْتَزَلُوكُمْ فَلَمْ يُقَاتِلُوكُمْ وَأَلْقَوْا إِلَيْكُمُ
السَّلَمَ فَمَا جَعَلَ اللَّهُ لَكُمْ عَلَيْهِمْ سَبِيلًا ﴿٩٠﴾

**90. Жидеца нужеда рагъ гьабич1ого ч1арал, ва нужергун къот1и гьабун ругел г1адамаздахун к1анц1арал мунафикъазда баге рагъ. Яги жидеца цебеккун рагъ гьабиялда рек1екълъун, ва жидер къавмалъ нужеда рагъ гьабиялдаги рек1екълъун нужехъе рач1араздаги гьабуге рагъ.** гьез нужее зарал гьабиларо, нужеца гьезиеги зарал гьабуге. **Аллагьасул х1укму бук1арабани гьел мунафикъзаби нужеда рагъизе риччалаан, ва гьезул къуватги ц1ик1к1инабилаан. Нужедаса гьел рик1к1алъун ч1ани;** нужее зарал гьабич1ого, ва нужеда рагъ гьабич1ого**, нужеда гьез рекъелги гьабуни, гьел парахат те. Гьезие къварилъи гьабизе Аллагьас нужее изну кьолеб гьеч1о.**

سَتَجِدُونَ آخَرِينَ يُرِيدُونَ أَن يَأْمَنُوكُمْ
وَيَأْمَنُوا قَوْمَهُمْ كُلَّ مَا رُدُّوا إِلَى الْفِتْنَةِ
أُرْكِسُوا فِيهَا فَإِن لَّمْ يَعْتَزِلُوكُمْ وَيُلْقُوا
إِلَيْكُمُ السَّلَمَ وَيَكُفُّوا أَيْدِيَهُمْ فَخُذُوهُمْ
وَاقْتُلُوهُمْ حَيْثُ ثَقِفْتُمُوهُمْ وَأُولَٰئِكُمْ
جَعَلْنَا لَكُمْ عَلَيْهِمْ سُلْطَانًا مُّبِينًا ﴿٩١﴾

**91. Нужеда мунафикъазул цо къокъа батизе буго, жидее нужги рекъон рук1изе бокьулел, ва жидее капураб къавмгун рекъон рук1изеги бокьулел.** Гьал руго «Асад» ва «Гъат1афан» абулеб к1иго къабилаялъул г1адамал. Мединаялда рач1араб мехалъ гьел бусурбабилъун ч1олаан, ва гьезие къот1иги гьабулаан, жидеда бусурбабазул зарал щвеч1ого бук1ине. Цинги жидер къавмалде т1ад руссун араб

мехалъ гьезулгунги къот1и гьабулаан бусурбабазде данде рагъизе.
**Гьел купруялда ва питнаялда ах1анщинахъе гьенир жанир лъугьула. Гьал ц1акъ квешал тушбаби руго нужее. Гьал г1адамал нужедаса рат1алъич1они, ва нужергун тушманлъи тун нужеде рекъелги гьабич1они, нужее зарал гьабиялдаса жидеца квералги кквеч1они, нужеца гьал мунафикъзаби кверде росе, ва гьел кир ратаниги ч1вай. Гьал руго жудедахун рагъ гьабизе Аллагьас** ﷻ **нужее изну кьурал, баянаб изну кьеялъ:** гьал руго нуж гуккулел, ва нужее к1удияб хиянат гьабулел г1адамал.

**92. Муъминчиясе х1алаллъуларо муъминчи ч1вазе, хат1аълъун ккараб жо бук1ун гурони. Гьедин хат1аълъун жинца муъминчи ч1вараб мехалъ гьесда кафарат т1адаб буго. Гьеб кафаратги муъминав лагъ тархъин буго, ва гьединго жинца диятги кьезе ккола жив ч1варасул агьлуялъе: Гьеб агьлуялъ Аллагьасе г1оло т1аса лъугьун тани кьезе кколаро дият. Нужгун тушманлъиялда ругел капурзабазул вугони жив ч1варав иман лъурав чи, цинги дият кьезе кколаро,** гьеб дият капурзабазе квербакъилъун бук1унелъул, **амма капарат бахъизе ккола: иман лъурав лагъ тархъина. Гьев жив ч1варав чи нужгун ракълида ругел г1адамаздасан вугони.** Нужеда гьоркьор жизят т1ад лъун тарал капурзабаздасан чи вугони: **Гьев чиясул агьлуялъе дият кьезе ккола, ва капаратги бахъизе ккела: иман лъурав лагъ тархъина.**

وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ أَن يَقْتُلَ مُؤْمِنًا إِلَّا
خَطَـًٔا ۚ وَمَن قَتَلَ مُؤْمِنًا خَطَـًٔا فَتَحْرِيرُ
رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ وَدِيَةٌ مُّسَلَّمَةٌ إِلَىٰٓ
أَهْلِهِۦٓ إِلَّآ أَن يَصَّدَّقُوا۟ ۚ فَإِن كَانَ مِن
قَوْمٍ عَدُوٍّ لَّكُمْ وَهُوَ مُؤْمِنٌ
فَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ ۖ وَإِن كَانَ مِن قَوْمٍۭ
بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُم مِّيثَٰقٌ فَدِيَةٌ
مُّسَلَّمَةٌ إِلَىٰٓ أَهْلِهِۦ وَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ
مُّؤْمِنَةٍ ۖ فَمَن لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ شَهْرَيْنِ
مُتَتَابِعَيْنِ تَوْبَةً مِّنَ ٱللَّهِ ۗ وَكَانَ
ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٩٢﴾

**Тархъизе лагъ гьеч1они, яги лагъ вичун восизе рес рекъеч1они к1иго моц1алъ т1ат1алаго к1ал кквезе ккола: гьаб кафарат бахъин нужеда т1ад гьабуна, Аллагьас** ﷻ **нужер тавбо къабул гьабизе сабаблъун бук1ине. Х1акълъунго Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго, ва жиндир ах1камазулъ ц1акъ х1акимияв вуго:** лагъзадерие маслах1ат бугеб жо гьабула Аллагьас ﷻ.

**93. Жинца бокьун муъминчи ч1варав чи, гьав чиясе жазаъ жагьаннама буго. Даимго вук1инелъун жив гьеб жужах1алда лъугьизавула. Гьесда**

وَمَن يَقْتُلْ مُؤْمِنًا مُّتَعَمِّدًا فَجَزَآؤُهُۥ
جَهَنَّمُ خَٰلِدًا فِيهَا وَغَضِبَ ٱللَّهُ عَلَيْهِ
وَلَعَنَهُۥ وَأَعَدَّ لَهُۥ عَذَابًا عَظِيمًا ﴿٩٣﴾

**Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццимги бахъуна, Аллагьас гьев рахlматалдаса рикlадги гьавула, ва гьесие цlакъ кlудияб гlазаб хlадурун буго ахираталда.**

Гьаб Аллагьасул рахъалъан бугеб гучаб хlинкъи кьей буго бокьун: ай хатlаълъи гьечlого, къасд гьабун, жинца муъминчи чlварав чиясе. Гьаб аят насхо гьабураб гьечlо, ва гьав чиясдаса Аллагь тlаса лъугьуларо, ва гьав абадияб жужахlалда вукlунин абулел гlалимзаби руго.

Цоги гlалимзабаз абуна: гьав чи даимаб жужахlалда вукlуна жинца муъминчи чlвазе хlарамаб гьечlин, гьев чlвазе бегьулин абун хlукму гьабун муъминчи чlвараб мехалъ. Гьав чи капурлъула гьедин хlукму гьабураб мехалъ ва гьесие ахираталда абадияб гlазаб букlула. Кин бугониги инсанас гьарулел мунагьазул бищунго кlудияб мунагь буго муъминчи чlвай, Аллагьасде ширк гьабун цоги жоялъе лагълъи гьабиялда хадуб кlудияблъун жиб бугеб.

Аллагьасул Къуръаналда жанир аятал руго Аллагьасда ширк гьабиги муъминчи чlвайги цадахъ бицарал, ва гьеб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тlаса лъугьунареб кlудияб мунагь букlиналда тlоритlел гьабулел. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хlадисалги цlакъ гlемерал руго чи чlвай хlарамаб букlиналъул бицунел.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«дунял тlаса инго бигьаяб буго Аллагьасда асклоб, бусарманчи чlваялдаса»*-абун. Хlадис имам Тирмизияс бицана.

Цоги хlадис буго: *«зобал- ракьазда бугеб кинабго халкъ данделъун цо муъминчи чlвани, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел киналго жужахlалда рехилаан»* абун. Хlадис имам Тирмизияс бицана.

Цоги хlадисалда буго: *«жинца муъминчи чlваялъе кумек гьабурав чи: цохlо рагlи абун букlаниги, гьев чи къиямасеб къоялъ вачlуна жиндир нодоялда хъван бугеб хlалалъ: «Аллагьасул рахlматалдаса хьул къотlарав чи вуго гьав»* – абун. Хlадис имам Ахlмадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасица абуна: «гьаб аят буго Къуръналда жаниб ахиралда рештlарал аятазда гьоркьоб, ва гьаб аяталъул хlукму насхо гьабураб гьечlо, ва жинца бокьун, къасд гьабун муъминчи чlварав чи жужахlалда вукlине вуго» – абун.

Исламияб умматалъул цереселги, ва хадуселги гlалимзаби жинда рекъараб рагlи буго: гьав чияс тавбо гьабуни, гьев Аллагьасдасаги хlинкъани, хадусеб гlумруялъ жинца лъикlаб гlамалги гьабуни, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьасда тlаса лъугьина абун. Гьелда тlоритlел гьабулеб, гьеб хlукму жиндаса босулеб бакlги буго Тlадегlанав Аллагьасул рагlи:

«Дуца муъминзабазда абе Мух1аммад ﷺ: т1адег1анав Аллагьас ﷻ абулеб буго: «я нужерго напсазе зулму гьабурал (к1удиял мунагьал гьарурал) дир лагъзал, нуж дир рах1маталдаса хьул къот1ун рук1унге: х1акълъунго Аллагь жинца киналго мунагьал чурулев вуго, ва гьев Аллагь ﷻ ц1акъ жинца тавбоги къабул гьабун мунагьал рахчулев вуго. Ц1акъ жив муъминзабазда гурх1улевги вуго» абураб (Сурату ззумар 53 аят).

Гьаб аяталъ киналго мунагьазда щвей гьабула: купру, ширк, чи ч1вай, нифакъ, пасикълъи, ва цогидалги. Ва Т1адег1анав Аллагьас ﷻ жиндир лагъзал тавбо гьабизе ах1улел руго, ва жиндаса хьул къот1ун рук1унгеян абулеб буго. Гьадин бугелъул цох1о лах1заталъ нахъе бахъич1ого муъминчияс жиндир мунагьазда рак1 бух1ун тавбо гьабизе ккела, ва Бет1ергьан Аллагьасда ﷻ божун, гьесда хьул лъун, гьев разилъи т1алаб гьабун хьвадизе ккела.

Жинца бокьун чи ч1варав чиясе жив ч1варасул варисзабаде хурхун лъабго бат1ияб х1укмо буго:

1. Къисас босизе цеве ч1ейи буго дол варисзаби гьелда гурони разилъулел гьеч1они.

2. Дият кьейи буго варисзаби къисасалдаса т1аса лъугьун дият босизе разилъани. Гьеб диятги нусго варани буго, яги гьезул къимат буго. Гьаб дият жинца чи ч1варасул боц1ииялдаса кьезе т1адаб бук1ула.

Хат1аълъун чи ч1ван кьезе ккараб дият жинца чи ч1варасул имсудахъан г1агарлъиялъ кьезе ккола.

3. Варисзаби т1убарабго дияталдаса, яги дияталъул цо бут1аялдаса т1аса лъугьин буго.

Гьадин т1аса лъугьун тей ц1акъ ажро ц1ик1к1араб жо буго. Амма жив ч1варасул г1исинал лъимал, яги жидер г1акъло камилал гьеч1ел варисзаби ругони, гьезие дияталдаса кколеб къадаралдаса цогидал варисзаби т1аса лъугьизе бегьуларо.

Гьаб дият кьейгун цадахъ кафарат бахъинги т1адаб бук1уна жинца чи ч1варав чиясда. Къисас босараб мехалъ кафарат т1аса ккола. Цогиги г1емерал ах1камал руго гьаб инсан ч1ваялда хурхарал, ва гьел ах1камал фикъгьиялъул т1ахьаздаса т1алаб гьаризе ккола.

Мух1аммад Г1али Сабунияс абуна: «Т1адег1анав Аллагьас ﷻ амру гьабулеб буго хат1алъун муъминчи ч1вараб мехалъ, гьелъие кафаратлъун цо муъминав лагъ тархъе абун. Гьалда жаниб Аллагьасул х1икмат бук1ине бегьула: жинца цо муъминчи хвезавураб мехалъ гьев чиясда т1ад гьабулеб бук1ин цо х1урияв муъминчи вук1инаве г1адамазда гьоркьов абун. Жинца муъминав лагъ тархъараб мехалъ

гьеб буго хварав чи ч1аго гьавиялда релълъараб жо»-абун.

Исламалда жанив лагълъун вугев чиясул ихтиярал, ва х1укъукъал ц1ик1к1арал руго цо-цо умматазул х1уриял г1адамазе ругездасаги. Гьелъие далил буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис, жив хвалил унтиялъ унтун вугеб мехалъ, васият гьабун абураб: *«Нужеца какалда т1ад ч1ей гьабе. Нужер лагъзадерие лъик1лъи гьабе, гьезда х1ал к1олареб жо гьабеян амру гьабуге»*- абун.

Шарг1алда лагъзал рук1ине бегьулеб бугониги, гьел тархъеян амру гьабун буго, гьелъул г1емераб ажроги бицун буго. Гьел тархъин т1адаб гьабун буго к1удиял мунагьал гьарурал г1адамазда, жиделъ лагъ тархъине рихьизарурал гьел мунагьаздаса капаратлъун.

Лагъзал кквей квешаблъун рик1к1унел, ва гьеб х1арам гьабурал г1емерал улкаби руго жидеца х1уриял г1адамал лагъзадерил бак1алда ккурал. Цо-цо чи лагълъун вук1ине бегьуларин абулел г1адамаз т1обарал умматал, ва жамаг1атал руго лагълъиялда гъоркь ч1езарун. Гьелда ц1арги лъун буго «цивилизация» абун, «жагьилаб, беццаб халкъ канлъуда бачи» абун.

К1удияб, бечедаб пачалихъалъ гьит1инаб пачалихъги, дагьал г1адамалги жанир къулч1улел руго к1удияб ччуг1ица г1исинал ччуг1би къулч1иялда релълъун. Гьаб бат1улаб, гьересияб цебет1ейги, исламияб цебет1ейги ц1акъ к1удияб бат1алъиялъ цо-цаздаса бат1иял руго. Х1акълъунго исламияб цебет1ей буго жинца цох1о Аллагьасе ﷻ гурони х1акъикъияб ханлъи кьолареб, гьев Аллагьасул лагъзаллъун кинабго халкъги рик1к1унеб, ва цогидаб кинабг1аги ханлъиялдаса, ва зулмуялдаса г1адамалги, улкабиги х1уриялльун гьарураб.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا ضَرَبۡتُمۡ فِي
سَبِيلِ ٱللَّهِ فَتَبَيَّنُواْ وَلَا تَقُولُواْ لِمَنۡ أَلۡقَىٰٓ
إِلَيۡكُمُ ٱلسَّلَٰمَ لَسۡتَ مُؤۡمِنٗا
تَبۡتَغُونَ عَرَضَ ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا
فَعِندَ ٱللَّهِ مَغَانِمُ كَثِيرَةٞۚ كَذَٰلِكَ
كُنتُم مِّن قَبۡلُ فَمَنَّ ٱللَّهُ
عَلَيۡكُمۡ فَتَبَيَّنُوٓاْۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ
بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٗا ٩٤

**94. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж Аллагьасул диналъе г1оло гъазават гьабизе сапаралда рахъараб мехалъ, нужеца х1акъикъат лъач1ого г1адамал ч1ваге. Ва нужее исламалъул салам кьурав чиясда нужеца абуге мун муъминчи гьеч1ин,**

дуца нижедаса х1инкъун, дурго напс ц1унун кьураб буго гьеб салам абун. Цинги нужеца гьев чи ч1ваге. **Гьев ч1ваялдалъун гьесул боц1и нужее щвезе бокьун.**

Гьеб ц1акъ хехго т1асан унеб дунялалъул маг1ишат буго, **Аллагьасда ﷻ аск1ор руго нужее ц1акъ г1емерал гъаниматал ва давлаби:** К1удияб ажро кириги, ниг1матазул рукълъун

бугеб алжанги. **Нуж гьанжеялдаса церехун купруялда рук1ана,** ва нужеда шарг1иял ах1камалги лъалел рук1инч1о, ва нужеца цоцазе зулму ва къварилъи гьабулеб бук1ана. **Аллагьас ﷻ нужеда ц1об-рах1мо гьабуна, ва нуж исламияб диналда т1орит1ана.** Гьадин бугелъул нужеца хехлъи гьабуге г1адамал ч1вазе ва зулму гьабизе. **Нужеца х1акъикъат ц1ехе!** Гьедин г1едег1ун чи ч1вани гьев чи муъминчи вук1ине бегьула ва нуж к1удияб мунагьалде ккола. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ нужеца гьабулеб г1амал жинда лъалев вуго.** Ва нужее гьел г1амалазда данде жазаъ гьабулевги вуго.

Цо г1алимзабаца гьалдаса бат1ияб маг1наги гьабуна гьаб аяталъул цо бут1аялъе. «Нуж гьанжеялдаса цере купруялда рук1ана» абураб маг1на гьабич1ого. «Нуж гьанжеялдаса цере Маккаялда ругеб мехалъ нужер иман рек1елъ бахчарал рук1ана» абураб маг1на гьабуна. К1иябго маг1наялъул кинаяб гьабуниги аяталъул маг1на буго: нужеда цо чияс жив иман лъурав вук1ин загьир гьабураб мехалъ: «Ассаламу г1алайкум» абун, яги шагьадат бит1ун, нужеца гьев чи ч1ваге, гьесул х1ал баянлъазег1ан те.

Гьаб аят решт1ине г1иллаги бук1ана, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо къокъа гъазаваталда бит1араб мехалъ, гьел асх1абзабазул цояс шагьадат бит1ун хадув цо чи ч1вана. Гьаб хабар аварагасда ﷺ бахиндал, дов асх1абас رضي الله عنه абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Гьесул шагьадат бит1и бук1ана жив ч1ваялдаса х1инкъун бугеб» – абун. Цоги бат1ияб сабабги бицана гьаб аят решт1иналъе, амма х1асил цо буго.

لَّا يَسْتَوِي الْقَاعِدُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ غَيْرُ أُولِي الضَّرَرِ
وَالْمُجَاهِدُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ
فَضَّلَ اللَّهُ الْمُجَاهِدِينَ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ عَلَى
الْقَاعِدِينَ دَرَجَةً وَكُلًّا وَعَدَ اللَّهُ الْحُسْنَىٰ وَفَضَّلَ اللَّهُ
الْمُجَاهِدِينَ عَلَى الْقَاعِدِينَ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٩٥﴾

**95. Жидее щибго г1узроги гьеч1ого рукъор г1одор ч1ун ругел муъминзабиги, Аллагьасул ﷻ нухда жидер боц1удалъун ва нафсаздалъун гъазават гьабулел ругел г1адамалги иманалъулъ, ва ажро- кириялъулъ цоцада ращад рук1унаро. Жидее г1узро бук1ун рокъор ч1аразда г1айибги бук1унаро. Жидер боц1иялдалъун, ва нафсалдалъун жигьад гьабулел г1адамал Аллагьас ﷻ хира гьаруна, ва т1ок1 гьаруна, жидее г1узро гьеч1ого рукъор ч1ун ругел г1адамаздаса, г1емераб хиралъи ва т1ок1лъи кьун.**

**Жигьад гьабизе рахъарал муъминзабазе, ва рукъор ч1арал муъминзабазеги Аллагьас ﷻ ахираталда алжаналъул ниг1матал рук1ине ругин абун къот1и гьабун буго:** гьез иман лъун гьарурал

лъик1ал г1амалазда данде жазаълъун. **Ва амма Аллагьас ц1акъго т1ок1 гьарун руго, ва к1удияб ажроги кьезе буго жидеца жигьад гьабулел муъминзабазе, рокъор г1одор ч1арал муъминзабазда данде ккун.**

دَرَجَٰتٖ مِّنۡهُ وَمَغۡفِرَةٗ وَرَحۡمَةٗۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمًا ﴿٩٦﴾

**96. Аллагьас ﷻ гьел мужагьидазе алжаналда жанир т1адег1анал даражаби гьарула, Аллагьасул мунагьал рахчиги, гьев гурх1иги гьезие бук1ула. Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал рахчулев, жив гурх1улев вуго.**

Шарг1ияб г1узро бук1ун рукъор ч1арал, ва амма гъазаваталда рахъине жидер гьираги бугел муъминзабазул х1акъалъулъ х1адисал руго гьезие хиралъи, ва кири бицарал.

Жинда Аллагь разилъаяв Бухарияс Анас رضي الله عنه асх1абасдаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул расулас ﷺ абуна: *«Х1акълъунго Мадинаялда цо г1адамал руго: нуж кинаб нухалъ хьваданиги, щиб к1к1ал къот1ун нуж аниги, гьел г1адамал нужгун цадахъ рук1уна гьеб гъазаваталъулъ»- абун. Асх1абзабаз رضي الله عنهم абуна: «жал Мадинаялда г1одор ч1ун рук1ингун цадахъ гьеб кин бук1унеб я Расулаллагь ﷺ»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «бит1араб буго», гьел г1одор ч1езаруна жидее г1узро бук1ун, гьеб г1узраялъ»-* абун. Жигьад гьабизе рахъаразе бугеб ажро-кириялъул х1адисал цереги рицун рук1индал, гьаниб гьезул рехсей гьабич1ого тана.

إِنَّ ٱلَّذِينَ تَوَفَّىٰهُمُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ ظَالِمِيٓ أَنفُسِهِمۡ قَالُواْ فِيمَ كُنتُمۡۖ قَالُواْ كُنَّا مُسۡتَضۡعَفِينَ فِي ٱلۡأَرۡضِۚ قَالُوٓاْ أَلَمۡ تَكُنۡ أَرۡضُ ٱللَّهِ وَٰسِعَةٗ فَتُهَاجِرُواْ فِيهَاۚ فَأُوْلَٰٓئِكَ مَأۡوَىٰهُمۡ جَهَنَّمُۖ وَسَآءَتۡ مَصِيرًا ﴿٩٧﴾

**97.** Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «муъминзабазул цо къокъа бук1ана Маккаялда жал ч1ч1арал, ва жидер исламги балъго гьабурал. Цинги Бадроялда рагъ гьабизе рач1унеб мехалъ мушриказ гьезул цо-цоял къват1ире рахъизарун жалгун цадахъ бусурбабаде рагъизе рачана. Рагъулъ гьезул цоял ч1ван хвана. Асх1абзабазул цояз абуна: «гьал г1адамал нилъер диналъул вацал рук1ана мушриказ х1ал гьабун къват1ире рахъизарун рагъда рачарал»- абун. Т1адег1анав Аллагьас гьаб аят решт1изабуна.

**Х1акълъунго гьел г1адамал, малаикзабаца жал хвезарурал, гьез жидерго напсазе зулмуги гьабун бугеб х1алалъ:** жал мушрикалгун

цадахъ ширкалъул ватIанлъун бугеб Маккаялда чIун, ва исламалъул ватIанлъун бугеб Мадинаялда гьижра гьабичIого. **ГьалгIадамазда Малаикзабаца абула: «Нуж щиб диналда рукIарал?» абун. Гьез абула: «ниж Маккаялъул ракьалда рукIана нижер исламияб дин загьир гьабизе рес гьечIого»-абун.** Ниж дагьал гIадамал рукIана, мушриказ нижее гIакъубаги гьабулеб букIана. **Малаикзабаца абула: «Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ракь цIакъ гIатIидаб букIана гурищ нуж гьижра гьабун ине»**-абун. Цогидал муъминзабигIадин нужги щай инчIел гьеб ширкалъул ракьалдаса нужее дин гьабизе рес бугеб цоги бакIалда. **Гьал гIадамал руго жидер руссунеб бакI жагьаннама бугел, ва гьеб жагьаннама цIакъ квешаб бакI буго жинда руссине.**

Гьаб аяталдаса хIукму босула купру-ширкалъул ракьалда муъминзаби чIезе хIарамаб букIиналда, тIобараб хIалалъ, загьирго, жиндир дин гьабизе рес гьечIони. Гьев чи жинца нафсалъе зулмо гьабулев вуго, хIарамаб жо гьабулевги вуго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисги буго *«Мушрикасда цадахъ чIун, гьесулгун хурхен гьабурав чи гьев мушрикасда релълъун вуго»* – абун. ХIадис имам Абу Давудица бицана.

إِلَّا ٱلۡمُسۡتَضۡعَفِينَ مِنَ ٱلرِّجَالِ وَٱلنِّسَآءِ وَٱلۡوِلۡدَٰنِ لَا يَسۡتَطِيعُونَ حِيلَةٗ وَلَا يَهۡتَدُونَ سَبِيلٗا ﴿٩٨﴾

**98. ЗагIипал гIадамазе гьечIо мунагьхIакъ, гьижра гьабун рахъине рес гьечIого Маккаялда хутIарал: бихьинал рукIаниги, руччаби ва лъимал рукIаниги. гьенисан къватIире рахъине сабабал рекъезаризе жидер щибго хIалкIолъи гьечIел, ва жидеда гьижра гьабун унеб нухги лъаларел.**

فَأُوْلَٰٓئِكَ عَسَى ٱللَّهُ أَن يَعۡفُوَ عَنۡهُمۡۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَفُوًّا غَفُورٗا ﴿٩٩﴾

**99. Гьал гIадамал руго жидедаса Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тIаса лъугьунел. ХIакъълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тIасан лъугьулев, жинца мунагьал рухчулев вуго.**

۞ وَمَن يُهَاجِرۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ يَجِدۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ مُرَٰغَمٗا كَثِيرٗا وَسَعَةٗۚ وَمَن يَخۡرُجۡ مِنۢ بَيۡتِهِۦ مُهَاجِرًا إِلَى ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ثُمَّ يُدۡرِكۡهُ ٱلۡمَوۡتُ فَقَدۡ وَقَعَ أَجۡرُهُۥ عَلَى ٱللَّهِۗ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ﴿١٠٠﴾

**100. Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабун къватIиве вахъарав чиясда ракьалда тIад гIемераб гIатIилъи батизе буго магIишат гьабизе, кигIан тущманасе гьеб риханиги.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ракь цIакъ гIатIидаб буго, ва гьесул ризкъиги киналго лагъзадерие гIолеб, ва щолеб буго: гьадин бугелъул тушбабазул къварилъи хIехьон, ватIан тезе кIоларого рукIунге. Аллагьасе гIоло гьижра гьабун, ва гъазават гьабун вахъарав чиясе цIакъ кIудияб ажро буго, ва алжаназда жанир тIадегIанал макъамалги руго.

**Аллагь, ва авараг разилъи т1алаб гьабун ват1ан тун, гьижра гьабун къват1иве вахъарав чи, цинги нухда унаго жив хварав, гьав чиясе ажро Аллагьасда т1ад буго. Х1акълъунго Аллагь ﷻ жинца муъминзабазул мунагьал чурулев, ва дунял-ахираталда муъминзабазда жив гурх1улев вуго.**

Гьаб аяталда бугеб «Аллагь, ва авараг разилъи т1алаб гьабун»- абураб раг1и решт1иналъе сабаб бицана: Зумрат ибну Къайс абулев асх1аб вук1ана Маккаялда хут1аразда гьоркьов. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьижра гьабизе т1ад гьабун аятал решт1араб мехалъ гьав Зумрат унтун бусада вук1ана. Цинги гьес васал жиндихъе ах1ун гьезда амру гьабуна: «нужеца дун гьанисан къват1иве вачче. Дун заг1ипавги гьеч1о, дида нухги лъала. Валлагьи, дица гьаб сордо Маккаялда базе гьеч1о»- абун. Васалаз гьев малиялда лъун рукъосан къват1ив ваччана, ва жал нухда унаго Танг1им абулеб бак1алда щвараб мехалъ гьев Зумрат хвана. Цинги Аллагьас цебехун бицараб аят решт1изабуна.

وَإِذَا ضَرَبْتُمْ فِي ٱلْأَرْضِ فَلَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن
تَقْصُرُوا۟ مِنَ ٱلصَّلَوٰةِ إِنْ خِفْتُمْ أَن يَفْتِنَكُمُ ٱلَّذِينَ
كَفَرُوٓا۟ إِنَّ ٱلْكَٰفِرِينَ كَانُوا۟ لَكُمْ عَدُوًّا مُّبِينًا ١٠١

**101. Нуж ракьалда т1ад сапаралъе къват1ир рахъараб мехалъ:** гъазаваталда рук1аниги, даран-базаралда рук1аниги бат1алъи гьеч1о. **Нужеца как къокъ гьабун банин абун нужее мунагь гьеч1о, нужее тушманасдаса къварилъи щвела абун нуж х1инкъани. Х1акълъунго капурзаби нужее тушбаби руго, гьеб тушманлъи нужеда загьирго бихьизабулелги руго.** Гьезие щибго къварилъи бук1уларо нуж как балел ругониги, гьеч1ониги, ва нужее макро гьабизе сабаб ц1ехолел рук1уна гьел. Сапаралда как къокъ гьаби бегьула тушманасдаса х1инкъи гьеч1еб мехалъги. Х1алалаб сапар бук1ин буго бищунго аслияб шарт1, сапаралъул руххсаби (бигьалъаби) х1алт1изаризе ккани. Имам Шафиг1иясул мазгьабалда рекъон жиндилъ как къокъ гьабизе бегьулеб сапаралъул манзил ункъогоялдаса ц1ик1ун километр бук1ине ккола цо рахъалда: ай дорехун унеб мехалъ, гьаб манзил бугеб сапаралда как къокъ гьабизе бегьула: къалъул, бакъанил, богол как бала к1иго ракаг1ат. Гьединго как данде босизеги бегьула: къалъулги бакъанилги как цо г1ужалда бала: къалъуда баниги, бакъанида баниги бат1алъи гьеч1о. Гьединго марк1ач1олги боголги как цо г1ужалда базе бегьула. Гьабго х1алалъ к1ал биччазеги рухса буго сапаралда вугев чиясе. Сапаралъул руххсаби, ва х1укмаби г1емер руго, ва гьел щивав чиясда лъазе лъик1 буго. гьаб замана бугелъул г1адамал сапаралда г1емер хьвадулеб. Г1алимзабада гьикъун т1ахьаздаса ц1алун х1ажатаб къадар

лъазабизе ккела.

**102. Нуж тушмангун рагъулел ругони, ва как базе мехги щун бугони, дуца Мух1аммад ﷺ, мунгун цадахъ цо къокъа какде бахъизабе, ва гьезда кодоб ярагъги бук1а абе. Цинги нуж суждаялда араб мехалъ нужеда нахъа бусурбабазул цо къокъа рахъун ч1ун рук1а, тушманасда балагьун. Хадуб цоги къокъа бач1а дуда хадуб как базе, жидеца мунгун цадахъ авалаб ракаг1ат бач1ел, ва гьез мунгун цадахъ как бай, ва ярагъ цадахъ босун тушманасдаса ц1унун рук1а. Капурзабазе бокьун бук1уна нуж нужер ярагъалдаса, ва къайи-матаг1алдаса гъапуллъизе, цинги нужеда т1аде к1анц1изе хехаб, ва гучаб к1анц1иялъ.** Гьадин бугелъул нужеца ц1одорлъи гьабе, ва киназго цадахъ бач1ого как к1иго къокъаялда рикьун бае.

وَإِذَا كُنتَ فِيهِمْ فَأَقَمْتَ لَهُمُ الصَّلَوٰةَ فَلْتَقُمْ طَآئِفَةٌ مِّنْهُم مَّعَكَ وَلْيَأْخُذُوٓاْ أَسْلِحَتَهُمْ فَإِذَا سَجَدُواْ فَلْيَكُونُواْ مِن وَرَآئِكُمْ وَلْتَأْتِ طَآئِفَةٌ أُخْرَىٰ لَمْ يُصَلُّواْ فَلْيُصَلُّواْ مَعَكَ وَلْيَأْخُذُواْ حِذْرَهُمْ وَأَسْلِحَتَهُمْ وَدَّ الَّذِينَ كَفَرُواْ لَوْ تَغْفُلُونَ عَنْ أَسْلِحَتِكُمْ وَأَمْتِعَتِكُمْ فَيَمِيلُونَ عَلَيْكُم مَّيْلَةً وَاحِدَةً وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ إِن كَانَ بِكُمْ أَذًى مِّن مَّطَرٍ أَوْ كُنتُم مَّرْضَىٰٓ أَن تَضَعُوٓاْ أَسْلِحَتَكُمْ وَخُذُواْ حِذْرَكُمْ إِنَّ اللَّهَ أَعَدَّ لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا مُّهِينًا ١٠٢

**Нужее цо зарал бугони: ц1ад балеб бук1ун, унтарав чи вук1ун, цинги ярагъ г1одоб лъунин абун нужее мунагь гьеч1о. Нуж кидаго ц1одорлъиялда рук1а. Х1акълъунго Аллагьас ﷻ капурал г1адамазе ц1акъ гучаб, гьел г1одорег1ан гьарулеб г1азаб х1адурун буго.**

Ибнукасирица гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Жинда Аллагь разилъаяв Абуг1аяшица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ ниж рук1ана. «Г1асафан» абулеб бак1алда гъазаваталда. Нижеда рихьулеб бак1алда мушриказул боги бук1ана Халид ибну Валидил амирлъиялда гъоркь.

Гьаб заман бук1ана къалъул как балеб замана. Мушриказ цо-цазде абуна: гьанже гьев Мух1аммадил ﷺ асх1абзазда رضي الله عنهم т1ад бач1ине буго как балеб г1уж: гьезие жидер лъималаздасаги, боц1иялдасаги хирияб абун. Цинги хирияв аварагасда ﷺ Жабраил عليه السلام вач1ана гьаб аятги босун. (102 аят).

**103. Как бан т1убараб мехалъ нужеца Аллагь ﷻ г1емерав рехсе киналго х1алазулъ: рахъун ч1ун, г1одор ч1ун, хьибил ч1ван регун ругеб х1алалъ:**

فَإِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلَوٰةَ فَاذْكُرُواْ اللَّهَ قِيَامًا وَقُعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِكُمْ فَإِذَا اطْمَأْنَنتُمْ فَأَقِيمُواْ الصَّلَوٰةَ إِنَّ الصَّلَوٰةَ كَانَتْ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ كِتَابًا مَّوْقُوتًا ١٠٣

нужеда Аллагь рак1алда вук1а, ва нуж

Аллагъасе х1елун, гьесда божун рук1а, нужее тушманасдаса бергьизе бокьун бугони.

**Х1инкъи т1аса ун х1алхьон ругеб мехалъ, нужеца паризаяб как бай киналго шурут1ал ва арканал т1уран, Аллагъасе х1елун. Х1акълъунго как буго муъминзабазда парз гьабураб,** жиндир арканал-шурут1ал мух1кан гьарун, **ва г1ужалги баян гьарун.** Гьадин бугелъул как г1уждаса нахъе бахъизе бегьуларо, ва жиндир х1укъукъал т1убан, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун базе ккола.

وَلَا تَهِنُوا۟ فِى ٱبْتِغَآءِ ٱلْقَوْمِ ۖ إِن تَكُونُوا۟ تَأْلَمُونَ فَإِنَّهُمْ يَأْلَمُونَ كَمَا تَأْلَمُونَ ۖ وَتَرْجُونَ مِنَ ٱللَّهِ مَا لَا يَرْجُونَ ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١٠٤﴾

**104. Тушманасда хадур лъугьине, ва гьесда рагъ гьабизе нуж х1инкъуге, ва заг1иплъуге. Нуж рагъда ругьнал щун гьел унтун рук1унел ратани, нужер тушбабиги руго гьебго х1алалъ жидеда ругьнал щолел, ва гьезда унтулел. Ва амма нужее т1ок1лъи буго: нуж Аллагьасда божарал рук1ин, нужее квербакъи гьабиялда, ва ахираталда алжаналда хьул лъун рук1ин.**

Гьаб жо капуразе бук1унаро; **гьел цох1ого дунялалъул ч1аголъиялъе г1оло рагъулел рук1уна,** гьел хвалдаса х1инкъунги рук1уна. Гьадинал бат1алъаби руго нужеда гьоркьор, ва нуж рагъда х1инкъизе кколеб г1узро гьеч1о, ва сабабги гьеч1о. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужер киналго г1амалал, ва ниятал жинда лъалев вуго, ва жинца гьабулеб х1укмуялъулъ г1адилав вуго,** лагъзадерие маслах1ат бугеб х1укму гьабулев х1аким вуго.

Гьаб хадуб бугеб (105 аят) рещт1инабиялъе сабаб бицана: ансариязул Т1уг1мат абулев чияс жиндир мадугьаласул къолден бикъана ва ханжу жаниб балеб таргьиниб лъун цо ягьудиясухъе щвезабуна. Гьеб таргьа багьараб бук1ун, ханжу г1одоб ун, гьелъул мухъалда хадур индал, къолден ягьудиясухъ батана ва гьес бицана жиндихъе гьеб Т1уг1матица щвезабураблъи.

Т1уг1матица инкар ккуна жинца къолден бикъич1оян абун ва гьесул г1агарал г1адамаз абуна нилълъ расулуллагьасухъе ﷺ ине ругин ва гьесда абизе бугин Т1уг1мат г1айбав гьеч1ин ва къолден бикъарав чи ягьудияв вугин абун. Мун гьелъие нуг1лъи гьабизе къолденалъул бет1ергьанчиясда аск1ов вач1аян ва ягьудияв г1айбав вук1ин к1алъай абун. Гьаб иш гьабизе расулуллагьасул ﷺ рак1алде ккедалго, Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещт1изабун Т1уг1мат г1айбав вук1иналда ва гьесул рахъ ккун к1алъазе бегьун гут1иялда кант1изавуна

авараг ﷺ.

**105. Х1акълъунго дица дуда Къуръан рештlизабуна, Мух1аммад ﷺ х1акъаб исламияб дин баян гьабун, дуца г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабизе Аллагьас дуда бихьизабураб ва лъазабураб х1алалъ. Ва мун вук1унге жидеца хиянат гьабулел г1адамазул рахъккун гьезие г1оло цогидазда к1алъалевлъун.**

إِنَّآ أَنزَلۡنَآ إِلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ بِٱلۡحَقِّ لِتَحۡكُمَ بَيۡنَ ٱلنَّاسِ بِمَآ أَرَىٰكَ ٱللَّهُۚ وَلَا تَكُن لِّلۡخَآئِنِينَ خَصِيمٗا ١٠٥

**106. Дуца Аллагьасда ﷻ гьаре дур мунагьал рахче абун. Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал рахчулев, ва жив гурх1улев вуго.**

وَٱسۡتَغۡفِرِ ٱللَّهَۖ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ١٠٦

**107. Дуца г1адамаздехун даг1ба-къец гьабуге жидеца г1асилъаби ва хиянат гьабулел г1адамазул рахъккун. Х1акълъунго Аллагьасе ﷻ вокьуларо г1орхъолъан борчlараб хиянат гьабулев, ва мунагьазулъги г1асилъиялъулъги т1ерхьун вук1унев чи.**

وَلَا تُجَٰدِلۡ عَنِ ٱلَّذِينَ يَخۡتَانُونَ أَنفُسَهُمۡۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن كَانَ خَوَّانًا أَثِيمٗا ١٠٧

**108. Жидеца гьарулел къабих1ал г1амалал г1адамаздаса рахчулел руго гьел хиянатал г1адамаз, Аллагьасдаса ﷻ нечолел гьеч1о, ва гьесдаса хиянат бахчулеб гьеч1о. Гьев Аллагь гьелгун цадахъ вук1уна жидеца Аллагь разилъулареб, квешаб рагlи бицизе къасд гьабулеб мехалъ:** рац1ц1адал г1адамазда бугьтан лъей, гьерисияб нуг1лъи гьаби, ва гьересияб гьа гьедиги. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ гьезул кинабго г1амалалда сверун лъугьарав вуго.** Гьесие щибго жо балъго хут1уларо, ва гьес жазаъ гьабичlого цониги рагlиниги, г1амалниги хутlизе гьечlо.

يَسۡتَخۡفُونَ مِنَ ٱلنَّاسِ وَلَا يَسۡتَخۡفُونَ مِنَ ٱللَّهِ وَهُوَ مَعَهُمۡ إِذۡ يُبَيِّتُونَ مَا لَا يَرۡضَىٰ مِنَ ٱلۡقَوۡلِۚ وَكَانَ ٱللَّهُ بِمَا يَعۡمَلُونَ مُحِيطًا ١٠٨

**109. Я гьаб къавм! Гьаб дунялалда нуж хиянатал г1адамазул рахъккун к1алъана. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда ﷻ цеве ч1ун гьезул рахъккун к1алъазе к1олев чи щивха вук1ине вугев, Аллагьас гьезие г1азаб гьаби х1акълъараб мехалъ?. Яги гьезие квербакъулев, гьездаса г1азаб нахъе ч1валев вакил, ва вали щив вук1ине вугев?.**

هَٰٓأَنتُمۡ هَٰٓؤُلَآءِ جَٰدَلۡتُمۡ عَنۡهُمۡ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا فَمَن يُجَٰدِلُ ٱللَّهَ عَنۡهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ أَم مَّن يَكُونُ عَلَيۡهِمۡ وَكِيلٗا ١٠٩

Щивго чи вук1унаро гьезие кумек гьабулев, ва гьездаса г1азаб

нахъч1вазе к1олев.

**110. Жинца квешаб г1амал гьабурав чи,** г1адамазе къварилъи- зарал бугеб жо гьабун, **яги жиндирго напсалъе зулмо гьабурав чи, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялда г1асилъун, цинги гьеб г1амалалда рек1екълъун, тавбо гьабун, Аллагьасдаса мунагьал рахчи т1алаб гьабурав,- гьав чиясда Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинца мунагьал рахчулевлъун, ва жив гурх1улевлъун ватизе вуго.**

وَمَن يَعۡمَلۡ سُوٓءًا أَوۡ يَظۡلِمۡ نَفۡسَهُۥ ثُمَّ يَسۡتَغۡفِرِ ٱللَّهَ يَجِدِ ٱللَّهَ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ١١٠

Жиндир тавбо къабул гьабун, мунагьал чурун, хадусеб г1умруялда лъик1аб г1амал гьабизе тавпикъ гьабун, ахираталда алжан насибавлъун гьавила.

**111. Жинца мунагь гьабулев чи жиндирго напсалъе зарал гьабулев чи вуго,** ва гьелъул балагь-къварилъи гьесда т1ад буссула. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лагъзадерил г1амалал лъалев вуго, ва гьезие гьабулеб жазаалъулъ х1акимав вуго.**

وَمَن يَكۡسِبۡ إِثۡمٗا فَإِنَّمَا يَكۡسِبُهُۥ عَلَىٰ نَفۡسِهِۦۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمٗا ١١١

**112. Щивчи вугониги жинца гьит1инаб мунагьниги, к1удияб мунагьниги гьабурав, цинги гьеб мунагь щибго г1айиб гьеч1ев чиясда т1ад рехарав,- гьев чи вуго жинца ц1акъ к1удияб мунагь баччарав, ва бугьтанги гьабурав.**

وَمَن يَكۡسِبۡ خَطِيٓـَٔةً أَوۡ إِثۡمٗا ثُمَّ يَرۡمِ بِهِۦ بَرِيٓـٔٗا فَقَدِ ٱحۡتَمَلَ بُهۡتَٰنٗا وَإِثۡمٗا مُّبِينٗا ١١٢

Гьаб чанго аят буго (105-112 аятал) Т1уг1мат ибну Убайрикъ абулев чияс Къатадат ибну Нуг1манил рокъосан къолден бикъун, цинги жив ц1огьор вук1ин лъаялда х1инкъун, ва гьеб ц1огь цогиясда т1ад реххизе х1илла ургъун хиянат гьабиялъул бицараб. Киналго жидеца хиянат гьабулел чаг1азе бугеб х1укму буго гьал аятазда жаниб.

**113. Дуда Т1адег1анав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1об-рах1мат бук1ун, гьес мун мунагьаздаса ц1унарав вижун вук1инч1ев ани, гьел г1адамазул цо къокъаялъул къасд ккун бук1ана мун х1акъаб диналдаса хъушт1изавизе:** гьереси бицун, жидер хиянатав чи вац1ц1адав вуго абун, мун божизавун, гьев хиянатчи дуца вац1ц1адав гьавизе бокьун бук1ана гьеб къокъаялъе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун гьезул макроялдаса ц1унана.

وَلَوۡلَا فَضۡلُ ٱللَّهِ عَلَيۡكَ وَرَحۡمَتُهُۥ لَهَمَّت طَّآئِفَةٞ مِّنۡهُمۡ أَن يُضِلُّوكَ وَمَا يُضِلُّونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمۡۖ وَمَا يَضُرُّونَكَ مِن شَيۡءٖۚ وَأَنزَلَ ٱللَّهُ عَلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡحِكۡمَةَ وَعَلَّمَكَ مَا لَمۡ تَكُن تَعۡلَمُۚ وَكَانَ فَضۡلُ ٱللَّهِ عَلَيۡكَ عَظِيمٗا ١١٣

**Гьел г1адамаз жидерго напсал гурого гьеч1о х1акъаб жоялдасан хъущт1изарулел, ва гьел г1адамаз дуе щибго жоялдалъун заралги гьабуларо. Аллагьас ﷻ дуда Къуръанги решт1изабуна, г1елму-г1акълоги кьун муъминзабазе бит1араб нух лъолевлъунги гьавуна. Ва дуда лъалеб бук1инч1еб г1елмуги лъазабуна.**

Исламияб диналъул ах1камал лъазаруна ва Аллагьасул балъгоял умураздаса цо-цо жоги лъазабуна. **Гьадин мун хира гьавиялъулъ Аллагьасул рахъалъан бугеб к1удияб ц1об бук1ана дуе:** дуда Къуръан решт1изаби, мун расуллъун гьави, дуда уммат т1обит1улеб х1акъаб нух малъи, дур чорхол т1абиг1атал кинабго рахъалъан лъик1ал, ва т1ок1ал рук1ин.

**114. Г1адамаз балъго жидеда гьоркьор рицунел г1емерисел харбал гьезда жаниб лъик1лъи гьеч1ел руго. Лъик1аб хабар бук1ула мискин-пакъирасе садакъа кьеялдалъун амру гьабулеб, х1акъаб жоялдалъун амру гьабулеб, г1адамазда гьоркьоб маслах1ат гьабулеб. Гьаб лъик1аб г1амал Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун жинца гьабурав чиясе дица ц1акъ к1удияб ажро кири кьела.**

۞ لَّا خَيْرَ فِي كَثِيرٍ مِّن نَّجْوَاهُمْ إِلَّا مَنْ أَمَرَ بِصَدَقَةٍ أَوْ مَعْرُوفٍ أَوْ إِصْلَاحٍ بَيْنَ النَّاسِ ۚ وَمَن يَفْعَلْ ذَٰلِكَ ابْتِغَاءَ مَرْضَاتِ اللَّهِ فَسَوْفَ نُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿١١٤﴾

Гьебги ахираталда бук1унеб ниг1матазул алжан буго.

**115. Аллагьасул расул ﷺ вук1иналда т1орит1ел гьабулел муг1жизаталги рихьун, аварагасда иман лъун вук1арав чи, гьесдаги хилиплъун, гьесул амруялда мут1иг1лъич1ого муъминзабазул нух гуреб рахъалда араб мехалъ, дица гьев жинца т1аса бищараб пасадаб нухда тела, ва ахир жужах1алдаги лъугьизавила. Ц1акъ квешаб руссунеб бак1 буго гьеб жагьаннама.**

وَمَن يُشَاقِقِ الرَّسُولَ مِن بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُ الْهُدَىٰ وَيَتَّبِعْ غَيْرَ سَبِيلِ الْمُؤْمِنِينَ نُوَلِّهِ مَا تَوَلَّىٰ وَنُصْلِهِ جَهَنَّمَ ۖ وَسَاءَتْ مَصِيرًا ﴿١١٥﴾

Гьаб аятги решт1изабуна Т1уг1матил х1акъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесул квер къот1изе х1укму гьабидалго, гьев Мадинаялдаса лъутун Маккаялде ана, ва исламияб диналдаса вуссун, муртадлъун мушриказда цадахъ ч1ч1ана,

**116. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас ﷻ жиндехун ширк гьабиялъул мунагь чуруларо. Гьеб ширк тун бат1ияб мунагь чурула**

إِنَّ اللَّهَ لَا يَغْفِرُ أَن يُشْرَكَ بِهِ وَيَغْفِرُ مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَن يَشَاءُ ۚ وَمَن يُشْرِكْ بِاللَّهِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا بَعِيدًا ﴿١١٦﴾

**Аллагьас, жиндие бокьарав чиясул:** тавбо гьабич1ого хварв чиясул, амма хвелалда цебе тавбу гьабуни ширк гьабиялъулги мунагь чурула Аллагьас. **Аллагьасдехун ширк гьабурав чи баянабго къосиналъ къосарав вуго, ва х1акъаб нухдасаги, бахьи буголъиялдасаги ц1акъ рик1к1алъаравги вуго.**

117. **Гьел мушриказ Аллагьги ﷻ живго тун жидее лагълъи гьабулел алагьзаби гьеч1о гьез гьарурал хъанчал гурони, жидеда руччабазул ц1аралги лъурал.**

إِن يَدْعُونَ مِن دُونِهِۦٓ إِلَّآ إِنَٰثًا وَإِن يَدْعُونَ إِلَّا شَيْطَٰنًا مَّرِيدًا ﴿١١٧﴾

(лат, г1узза, манат абун). Цоги г1алимас абуна: малаикзаби руго гьел абун. Мушриказ малаикзаби Аллагьасул ﷻ ясал ругин абулеб бук1ана. **Ва гьез лагълъи гьабулеб жо гьеч1о жиб къосиналъул г1орхъолъан борч1араб, жинца г1адамалги къосизарулеб щайт1ан гурони.** Гьеб щайт1аналъул нухда хьвадулел руго Аллагьасда ﷻ ширк гьабулел г1адамал.

118. **Аллагьас ﷻ жиндир рах1маталдаса рик1к1ад гьабуна гьеб щайт1ан. Цинги щайт1аналъ абуна дица дур лагъзадеридаса цо къокъа гьабилин дида нахъ билълъунеблъун абун:**

لَّعَنَهُ ٱللَّهُ وَقَالَ لَأَتَّخِذَنَّ مِنْ عِبَادِكَ نَصِيبًا مَّفْرُوضًا ﴿١١٨﴾

жиб лъалеб, жиндие къадар ч1езабураб къокъа буго гьеб. Къатадат абулев г1алимас абуна азарго чиясдаса цо чи алжаналда унев вук1ина, хут1арал киналго щайт1аналъ гуккулел, къосизарулел рук1ина абун.

119. Хадубги гьеб щайт1аналъул раг1и бицун Аллагьас абулеб буго: **Дица гьел г1адамал ц1акъ къосинеги гьарила абун гьедулеб буго шайт1ан. Дица гьезул рак1азулъ хьул халалъиги лъела.** Гьересиял, рук1унарел, лъугьунарел, хьулазда хадур хьвадизарила гьел, дунялалда даимго рук1унел г1адин, ахират рак1алда щвезе теч1ого.

وَلَأُضِلَّنَّهُمْ وَلَأُمَنِّيَنَّهُمْ وَلَءَامُرَنَّهُمْ فَلَيُبَتِّكُنَّ ءَاذَانَ ٱلْأَنْعَٰمِ وَلَءَامُرَنَّهُمْ فَلَيُغَيِّرُنَّ خَلْقَ ٱللَّهِ وَمَن يَتَّخِذِ ٱلشَّيْطَٰنَ وَلِيًّا مِّن دُونِ ٱللَّهِ فَقَدْ خَسِرَ خُسْرَانًا مُّبِينًا ﴿١١٩﴾

**Дица гьезда амру гьабун варанабазул г1ундул къот1изе т1амила,** ва цогидалги х1айваназул г1ундул къот1изе, ва гьезда г1уж гьабизе т1амила. Жидер хъанчазе назро гьабун гьедин г1ундул къот1ун х1айванал толеб г1адат бук1ана жагьилиял, ширк гьабулел г1арабиязул. **Ва дица амро гьабун гьел г1адамал Аллагьас бижараб сипат, ва куц-рахъ хисизабизе т1амила.**

Х1айваназул балъ гьабун, гьурмазда г1ужал гьарун, жидерго черхалда т1ад суртал, ва накъишал гьарун. Г1олохъанал г1адамаз г1емер гьабулеб, хадуб гьел рек1екълъулеб квешаб г1амал буго гьаб черхалда т1ад накъишал гьари, ва суратал рахъи.

**Гьадин жиндир Бет1ергьан Аллагьги ﷻ живго тун, нужедехун тушманлъи загьираб щайт1ан гьудуллъун ккурав чи, ц1акъ жив ч1оваго хут1арав вуго: жиндир дунялги ахиратги хварав вуго:** Аллагьас ﷻ тавбо гьабизе тавпикъ кьеч1ого хвани абадияб жужах1алда вук1унев чи вуго.

**120. Щайт1аналъ гьел г1адамазе бат1ибат1иял къот1аби гьарула, ва гьезул хьулалги халат гьарула. Ва амма щайт1аналъ г1адамазда малъулеб, ва гьезие къот1и гьабулеб жо бук1унаро гьел гукки гуреб, ва къосизариги гуреб.**

يَعِدُهُمْ وَيُمَنِّيهِمْ ۖ وَمَا يَعِدُهُمُ
الشَّيْطَانُ إِلَّا غُرُورًا ﴿١٢٠﴾

**121. Гьал щайт1аналда нахърилълъун рук1ун тавбо гьабич1ого хварал г1адамал руссунеб бак1 жагьаннама буго. Ва жидее гьеб жужах1алдаса рорч1изе ва лъутизе бак1 батуларо ва бук1уларо.**

أُولَٰئِكَ مَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ
وَلَا يَجِدُونَ عَنْهَا مَحِيصًا ﴿١٢١﴾

**122. Жидеца Аллагьасда ﷻ ва гьесул аварагасда ﷺ иман лъурал г1адамал, хадуб лъик1аб г1амал гьабунги хьвадарал,- дица гьал г1адамал ахираталда алжаназда жанир лъугьизарила: жидеда жаниса лъарал-г1орал чвахулел. Даимго рук1инелъун лъугьизарула гьел алжаназда. Т1адег1анав Аллагьасул ﷻ х1акъаб къот1и буго гьаб. Гьесдаса жиндир раг1иялъулъ рит1ухъав, ва къот1и т1убалев чи щивха вук1унев?**

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
سَنُدْخِلُهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا
الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ۖ وَعْدَ اللَّهِ
حَقًّا ۚ وَمَنْ أَصْدَقُ مِنَ اللَّهِ قِيلًا ﴿١٢٢﴾

Щивго вук1унаро, Аллагьасул къот1иги жиндие щибго хилиплъи гьеч1еб буго.

**123. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ къот1и гьабураб кириги, алжанги нужер хьулаздалъун бук1уларо нужее, я гьал муъминзаби. Жидехъе т1ехь решт1изабураб агьлоялъул хьулаздалъун гьезиеги рук1уларо гьал хиралъаби ва ажро-кири.**

لَّيْسَ بِأَمَانِيِّكُمْ وَلَا أَمَانِيِّ أَهْلِ الْكِتَابِ ۗ
مَن يَعْمَلْ سُوءًا يُجْزَ بِهِ وَلَا يَجِدْ لَهُ مِن
دُونِ اللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ﴿١٢٣﴾

Х1асанулбасри абулев г1алимас абула: иман лъейи бук1уларо гьезул хьулаздалъун, иман бук1уна гьезул рак1азулъ бугеб жоялдалъун, ва гьеб рек1елъ бугеб жо г1амалалдалъун рит1ухъги гьабураб мехалъ. Цо къавм буго жидер хьулаца гуккарал, щибго лъик1аб г1амалги гьабич1ого дунял тун арал, ва жидецаги абулеб бук1арал нижеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ занно (пикру) лъик1 гьабулин абун. Гьаб раг1и гьересияб раг1и буго: гьез Аллагьасда занно лъик1 гьабун бук1арабани гьез лъик1аб г1амалги гьабизе бук1ана-абун.

Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Цо чияс щиб квешаб г1амал гьабун бугониги, дица гьелда рекъараб жазаъ гьесие гьабизе буго. Ва цониги чи вук1уларо гьесие валилъи гьабулев ва квербакъулев, Аллагьтун бат1ияв.**

**124. Жинца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва аварагасда ﷺ иманги лъун лъик1ал г1амалал гьарурав чи, бихьинал ругониги, руччаби ругониги,- гьал руго алжаналда жанир лъугьунел г1адамал. Гьезие цох1о зараг1адаб зулмуги гьабуларо.**

وَمَن يَعۡمَلۡ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ مِن ذَكَرٍ أَوۡ أُنثَىٰ وَهُوَ مُؤۡمِنٞ فَأُوْلَٰٓئِكَ يَدۡخُلُونَ ٱلۡجَنَّةَ وَلَا يُظۡلَمُونَ نَقِيرٗا ١٢٤

Гьезул лъик1аб г1амалалъул кири дагь гьабуларо Т1адег1анав Аллагьас г1емерго ц1ик1к1изабула гьезие ажро.

Гьаб к1иго аят (123-124 аят) решт1изабиялъе сабаб бицана: муъминзабиги китабияб агьлуги цоцаздаса ч1ух1ун, цоцазде къацандулел рук1ана. Китабияз абуна: «нижер авараг нужер аварагасдаса цеве вук1ана, нижер т1ехьги нужер т1ехьалдаса цебе решт1изабуна. Аллагьасе рокьулел рук1ине нужедасаги ниж х1акъал руго»-абун. Муъминзабаца абуна: «нижер авараг аварагзабазул ахирав вуго. Нижер Къуръанги киналго т1ахьазул х1укму хвезабун решт1араб буго» – абун. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цебе араб к1иго аят решт1изабуна.

**125. Жиндир диналъул рахъалъан бищунго берцинав чи вуго жинца мут1иг1лъун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гьумер буссизабурав чи. Цинги жинца лъик1аб г1амалги гьабулевлъун вугев, ва Ибрагьимил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ диналда нахъвилълъун, киналго бат1улал, мекъал диназдаса вуссун ч1арав чи. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Ибрагьим авараг жиндир халиллъун гьавуна.**

وَمَنۡ أَحۡسَنُ دِينٗا مِّمَّنۡ أَسۡلَمَ وَجۡهَهُۥ لِلَّهِ وَهُوَ مُحۡسِنٞ وَٱتَّبَعَ مِلَّةَ إِبۡرَٰهِيمَ حَنِيفٗاۗ وَٱتَّخَذَ ٱللَّهُ إِبۡرَٰهِيمَ خَلِيلٗا ١٢٥

Ибрагьим عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъи, т1аг1ат-

г1ибадат г1емер гьаби бук1ана Аллагьас Ибрагьим жиндир халил вугоян абиялъе сабаблъун. Халил абураб раг1иялъул маг1на буго: рек1ел гьудул, ц1акъ вокьулев, вац1ц1адав абураб. Гьев Ибрагьимил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ миллаталъул рук1ине бищунго мустах1икъал руго Мух1аммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ умматалъул муъминзаби.

**126. Т1адег1анав Аллагьасул мулк буго зобал ракьал, ва гьелда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кинабго жоялда сверун лъугьарав вуго.**

وَلِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۚ وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٖ مُّحِيطٗا ١٢٦

Жиндир къудраталдалъун ва г1илму-лъаялдалъун.

**127. Муъминзабаца дуда гьикъулеб буго Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, руччабазул х1акъалъулъ.**

وَيَسۡتَفۡتُونَكَ فِي ٱلنِّسَآءِۖ قُلِ ٱللَّهُ يُفۡتِيكُمۡ فِيهِنَّ وَمَا يُتۡلَىٰ عَلَيۡكُمۡ فِي ٱلۡكِتَٰبِ فِي يَتَٰمَى ٱلنِّسَآءِ ٱلَّٰتِي لَا تُؤۡتُونَهُنَّ مَا كُتِبَ لَهُنَّ وَتَرۡغَبُونَ أَن تَنكِحُوهُنَّ وَٱلۡمُسۡتَضۡعَفِينَ مِنَ ٱلۡوِلۡدَٰنِ وَأَن تَقُومُواْ لِلۡيَتَٰمَىٰ بِٱلۡقِسۡطِۚ وَمَا تَفۡعَلُواْ مِنۡ خَيۡرٖ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِهِۦ عَلِيمٗا ١٢٧

Щиб жо нижеда т1ад бугеб гьел руччабазе гьабизе абун. **Дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ баян гьабун буго нужеца гьикъулеб жо, ва жиндир Къуръаналда жаниб гьелъул х1укму решт1изабун буго:** ирсалъул, ва васияталъул аятазулъ. **Ва гьел ятимал ясазул баянги бицана: нужеца руччабилъун рачунел, ва жидее магьариги кьоларел,** цогидал гьезие кколел х1акъалги т1убаларел. Гьезие къварилъи гьабуге абун лъазабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда.

**Нужеда божун хут1арал г1исинал, заг1ипал лъималазе къварилъи гьабугеянги лъазабуна нужеда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Эмен хун хут1арал ятимазул валияс гьезие бук1ине кколеб х1акъ т1убан шарг1алда вит1ун хьвадеянги амру гьабулеб буго Аллагьасс нужеда.**

Жагьилияб заманалъ г1арабияз г1исинал лъималазе ва руччабазе ирс кьолеб бук1инч1о. Гьездаса нижее щибго мунпаг1ат гьеч1о, ва гьел тушманасдаса ват1анги, маг1ишатги ц1унизе жидер кумек гьеч1ел руго абулаан. Аллагьас гьеб жагьилияб г1адат хвезабун ирсалъул аятал решт1ана, ва лъималазеги, руччабазеги кьезе кколеб бут1а парз гьабуна.

**Нужеца гьабулеб лъик1аб щинаб жо:** гьел руччабазул, г1исинал лъималазул, ва ятимазул х1укъукъал т1убан, ва гьезие кумек гьабун, гьезда гурх1ел гьабун; **гьеб кинабго жо Аллагьасда лъала,** ва гьелда

данде нужее лъик1аб жазаъги гьабула Аллагьас.

وَإِنِ ٱمۡرَأَةٌ خَافَتۡ مِنۢ بَعۡلِهَا نُشُوزًا أَوۡ إِعۡرَاضٗا فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِمَآ أَن يُصۡلِحَا بَيۡنَهُمَا صُلۡحٗاۚ وَٱلصُّلۡحُ خَيۡرٞۗ وَأُحۡضِرَتِ ٱلۡأَنفُسُ ٱلشُّحَّۚ وَإِن تُحۡسِنُواْ وَتَتَّقُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٗا ١٢٨

**128. Цо ч1ужу х1инкъани жиндир рос гьелда квеш валагьила абун,** гьес жий реххун тела абун: жий сурукъай йик1ун, к1одолъун йик1ун, ва цогиги сабабал рук1ун. **Цинги гьал рос-лъадиялъ жидеда гьоркьоб цо маслах1ат бугеб жо гьабуни, ригьин бихич1ого бук1ине, ва жидер х1алги лъик1 бук1ине, гьеб маслах1ат гьабизе бегьула, ва гьелдалъун гьезие щибго мунагь- х1акъги гьеч1о.** Масала: ч1ужуялъ гьелъие магьариде лъураб боц1иялъул цо къадар россасе х1алал гьабун, яги напакъа- рет1елалдаса т1аса лъугьун тун. Сордо бикьиялъулъ гьев россасе ихтияр кьун жиндихъе вач1унеб сордоялъ цогиялъухъе ине.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатица абуна, гьаб аят буго цо чиясул к1иго ч1ужу йик1ун, цояй к1одолъун, яги унтун йигони, цинги гьелъ абуни: дуца дида ц1ар т1амуге, мун дуе бокьухъин вук1ине ихтияр бугоян – абун, гьаб маслах1ат бегьула гьезда гьоркьоб абураб маг1наялда.

**Гьадин маслах1ат гьаби лъик1 буго гьезул ригьин биххиялдаса. Инсанасул напс буго ц1акъ бахиллъиялда бижараб, гьелда ругьунаб.** Ч1ужуялъеги к1оларо жиндие кколеб напакъа-рет1елги сордо бикьиги т1аса лъугьун тезе. Росасеги к1оларо гьей ч1ужу жиндие ёкьун гьеч1ониги гьелъие Аллагьасул ﷻ шарг1алда рекъарал х1акъал т1уразе.

**Нужеца руччабазе лъик1лъи гьабун гьезде берцинаб бер балагьи гьабуни ва нуж Аллагьасдасаги ﷻ х1инкъани гьезие къварилъи гьабизе, х1акълъунго Аллагь нужеца гьабулеб кинабго г1амал лъалев вуго.** Ва нужер гьеб лъик1аб г1амалалда данде нужее ажро- кири гьабулевги вуго.

وَلَن تَسۡتَطِيعُوٓاْ أَن تَعۡدِلُواْ بَيۡنَ ٱلنِّسَآءِ وَلَوۡ حَرَصۡتُمۡۖ فَلَا تَمِيلُواْ كُلَّ ٱلۡمَيۡلِ فَتَذَرُوهَا كَٱلۡمُعَلَّقَةِۚ وَإِن تُصۡلِحُواْ وَتَتَّقُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ١٢٩

**129. Нужер х1алк1оларо кинабго жолъулъ руччабазда гьоркьоб г1адло ва башалъи гьабизе, киг1анго нужеца ях1 бахъулеб бугониги.**

Инсанасул жинда х1ал к1олареб жо буго рек1ел рокьи, ва нафсияб гьет1и. Гьедин бугелъул гьездахун рек1ел гьей, нафсалъул х1ажат т1убай бащад

гьабизе к1оларо.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1айишатица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас руччабазда гьоркьоб г1адло бащад гьабулеб бук1ана сордо бикьиялъулъ, цинги жинца абулеб бук1ана;

*«Я дир Бет1ергьан Аллагь! Гьаб буго дир бикьи дир х1ал к1олеб жоялъулъ, дуца дида г1айиб ч1ваге дур ихтиялда бугеб, дир жинда х1ал к1олареб жоялдалъун»* - абун.

Гьаб амро гьадин бугелъул: **нуж т1убанго цояй ч1ужуялда гьет1ун, гьелда аск1ор ч1ун рук1унге, ва цогияй рехxун тун рук1унге: цинги гьей ч1ужу дур ч1ужуго гьеч1ей г1адин йик1уна ва цоги росасе ине ресги гьеч1ого жиндие зулму гьабурай йик1уна. Нужеца церехун ккарал мунагьазда тавбо гьабун лъик1аб г1амал гьабуни, хадусеб г1амалалъульги нуж Аллагьасдаса х1инкъун хьвадани, х1акълъунго Аллагь ﷻ жинца мунагьал рахчулев вуго, ва жив муъминзабазда ц1акъ гурх1улев вуго.**

**130. Цоцада рекъеч1ого рос-лъади рат1алъани, х1акълъунго Аллагь ﷻ гьезул щивав цоясе жинца ризкъи кьолев вуго, ва гьезие г1ат1илъи гьабулевги вуго.**

وَإِن يَتَفَرَّقَا يُغْنِ ٱللَّهُ كُلًّا مِّن سَعَتِهِۦ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ وَٰسِعًا حَكِيمًا ﴿١٣٠﴾

Аллагьас гьезие жудеда разиял цоги росги, лъадиги кьела, ва гьезул ч1аголъиги цебе бук1аралдаса лъик1аб, рах1атаб гьабила.

**Х1акълъунго Аллагь ﷻ жиндир гурх1ел-рах1мат ва ц1обал г1ат1идав вуго, лагъзадерие гьабулеб тадбиралъулъ х1акимав вуго.** Аллагьасда иман лъурав чи божизе ккола кинабго жо Аллагьасул ﷻ х1укмо-къадаралдалъун бук1иналда, ва гьес лагъасе маслах1ат бугеб жо гурони къадар гьабуларин абун. Купру-ширкалъул агьлуялъе жидер кинабго г1амал ахираталъе балагьлъун ва г1азаблъун батулеб буго.

Гьаб лъабго аяталда жаниб бицана рос, ч1ужуялдаса вуссараб мехалъ, жиндие гьей ч1ужу ёкьич1ого цогидай ёкьун вугеб мехалъ, шарг1алда рекъон гьел рос-лъадиялъ гьаризе рекъарал суннатал г1амалазул.

<u>Т1оцебесеб буго</u>: цо ч1ужуялъе лъараб мехалъ рос жиндаса вуссун цогидалда аск1ов г1емер ч1олев вук1ин, ва жиндие гьев росасдаса ят1алъиги бокьун гьеч1они, гьей ч1ужуялъ росасда аби: дие кколеб х1акъалдаса дун т1асан лъугьина, дун дур ч1ужулъун те абун. Жудеда гьоркьоб маслах1ат кколеб х1акъ бат1и-бат1ияб бук1ина, ва гьеб щивав рос-лъадиялъ жидецаго дандбан рекъезабила.

Гьадин гьабуна жинда Аллагь разилъаяй Савдат бинту Замг1атица,

жий к1одолъараб мехалъ, ва хирияв аварагасдаса ﷺ ят1алъизе бокьич1еб мехалъ Савдатица абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Дица дир къо Г1аишатие кьолеб буго»-абун. Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишатица абуна гьаб (128 аят), Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб ишалъулъ решт1изабуна абун.

К1иабилеб х1ал буго: росас ч1ужуялъе ихтияр кьун, гьей т1аса бищизе йиччай: жиндие сордо бикьи мукъсанлъиги, ва цоги х1акъалъулъ мукъсанлъи кколеб бугониги росасда йик1ине, яги жий нахъе йиччай т1аса бищизе. Гьелъие далилги буго Рафиг1 ибну Хадиж абулев ансарияв асх1абас жиндир ч1ужу херлъараб мехалъ цоги г1олохъанай ч1ужу ячун йик1ана, ва гьелда аск1ов г1емер хут1улев вук1ана. Цинги цее йик1арай ч1ужуялъ жий ят1а гьаеян абун к1алъай гьабун Рафиг1ица гьелда цо ц1ар т1амуна.

Г1идда т1убалелде т1ад юссинаюна гьей ч1ужу, амма гьанжеги г1емер гаргадун, нахъе йиччай абун т1ад ч1ун цоги ц1ар т1амун тун йик1ана. Цингиги т1ад юссинаюна. Гьанжеги жий г1емер к1алъан ч1еч1еб мехалъ Рафиг1ица гьелда абуна: «Бокьани мун дир ч1ужулъун йик1а, дица гьай т1ад ячарай ч1ужуялда аск1об ц1ик1ун заман баялдаги разилъун. Бокьич1они дица дуда лъабабилеб ц1ар т1амила цинги мун дир ч1ужулъун йик1унаро абун. Гьанжесалалъ гьей ч1ужу ц1ар т1ами гьарич1ого Рафиг1ил шарт1 къабул гьабун ч1ана.

Лъабабилеб х1ал буго: рос-лъади цо-цазде рекъонгут1и, ва гьезул х1ал къойидасан къойиде квешлъулеб бук1ин. Гьаб х1алалъ гьезие ригьин биххун рат1алъи маслах1ат буго: Аллагьасул рах1матал г1ат1идал ругелъул, ва цоги ригьин гьабун гьезие лъик1лъи, баракат щвезе бегьулелъул.

وَلِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِ ۗ وَلَقَدْ وَصَّيْنَا ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ مِن قَبْلِكُمْ وَإِيَّاكُمْ أَنِ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ وَإِن تَكْفُرُوا۟ فَإِنَّ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَنِيًّا حَمِيدًا ﴿١٣١﴾

**131. Т1адег1анав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ буго, зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат (бижанщинаб жо):** гьесул мулк буго гьеб, гьес бижараб, гьесие лагълъи гьабулебги буго. **Х1акълъунго дица васият гьабун бук1ана нужедаса цебе жидехъе т1ехь кьурал китабиязда, ва гьанже нужедаги васият гьабулеб буго нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъа абун, ва гьесие т1аг1атги гьабе абун. Нужеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккуни, ва гьесие мут1иг1лъиялдаса руссани,** нужеца гьесие щибго зарал гьабуларо: лагъзадерида щибго х1ажалъи бугев гьеч1о Аллагь. **Х1акълъунго гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобал-ракьазда**

**бугеб кинабго махлукъ. Аллагь жив бечедав вуго, ва жив веццарав вуго**: Аллагь жиндир халкъалда х1ажатав гьеч1о цониги рахъалъан. Г1адамаз гьабураб т1аг1аталъ гьесие щибго мунпаг1ат гьабуларо, ва гьел г1адамал г1асилъанин абун гьесие заралги бук1унаро.

وَلِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۚ وَكَفَىٰ
بِٱللَّهِ وَكِيلًا ﴿١٣٢﴾

**132. Т1адег1анав Аллагьасул мулк буго зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат ва гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **г1езе вуго лагъзадерил г1амалазул вакиллъун,** жинца гьел г1амалал ц1унулев, ва ахираталда гьел г1амалазда рекъараб жазаъ гьабулевлъун.

إِن يَشَأۡ يُذۡهِبۡكُمۡ أَيُّهَا ٱلنَّاسُ وَيَأۡتِ
بِـَٔاخَرِينَۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ ذَٰلِكَ قَدِيرًا ﴿١٣٣﴾

**133. Аллагьасе бокьани нуж гьаб ракьалдаса инарилаан я гьал г1адамал!** Гьалаг гьарун т1аг1изарилаан. **Цинги нужер бак1алда цоги халкъ бач1инаан. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеб иш гьабизе х1ал к1олев вуго.**

مَّن كَانَ يُرِيدُ ثَوَابَ ٱلدُّنۡيَا فَعِندَ ٱللَّهِ ثَوَابُ
ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِۚ وَكَانَ ٱللَّهُ سَمِيعَۢا
بَصِيرٗا ﴿١٣٤﴾

**134. Жиндие дунялалъул ч1аголъи бокьун щив чи вугониги, Аллагьасда аск1об буго дунялалъул ва ахираталъул ч1аголъи ва лъик1лъи.**

Гьав чияс цох1о дунялалъул лъик1лъи т1алаб гьабун теч1ого ахиратги, ва гьелъул лъик1лъиги т1алаб гьабе Аллагьасдаса. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лагъзадерил раг1и раг1улев, ва гьезул г1амалал рихьулев вуго.**

۞ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُونُواْ قَوَّٰمِينَ بِٱلۡقِسۡطِ
شُهَدَآءَ لِلَّهِ وَلَوۡ عَلَىٰٓ أَنفُسِكُمۡ أَوِ ٱلۡوَٰلِدَيۡنِ
وَٱلۡأَقۡرَبِينَۚ إِن يَكُنۡ غَنِيًّا أَوۡ فَقِيرٗا فَٱللَّهُ
أَوۡلَىٰ بِهِمَاۖ فَلَا تَتَّبِعُواْ ٱلۡهَوَىٰٓ أَن تَعۡدِلُواْۚ
وَإِن تَلۡوُۥٓاْ أَوۡ تُعۡرِضُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِمَا
تَعۡمَلُونَ خَبِيرٗا ﴿١٣٥﴾

**135. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж рук1а бит1араб жоялда ц1акъ т1ад ч1араллъун. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **г1оло нуг1лъи гьабулелги рук1а: нужее рокьоразда ц1ай гьабич1ого, дунялалъул ч1аголъиялъе г1оло нуг1лъи гьабич1ого. Нужеца нуг1лъи Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **г1оло гьабе нужеего заралалъе бугониги, яги нужер эбел-инсуе, ва г1агарал г1адамазе заралалъе бугониги.**

Х1акъаб жоялъе щибго бат1алъи бук1ине бегьуларо жиндие зарал кколеб бугониги. Шарг1алда рекъон Аллагь разилъи т1алаб гьабун гьабизе ккола нуг1лъи.

**Жиндие нуг1лъи гьабулев чи бечедав вук1аниги, пакъирав**

**вук1аниги, Аллагь ﷻ жинда лъик1 лъалев вуго, гьезие маслах1атаб жо:** цоязда гурх1ун абун, цоязе х1елун абун, нужеца нуг1лъи хисизабуге. **Нужерго гьаваялда, г1акълуялда нахъ рилълъун, гьадин гьабуни лъик1ин абунги нуг1лъи хисизабуге. Нужеца нуг1лъи гьабулаго гьереси бицани, яги т1убанго нуг1лъи гьабич1ого ч1ани** гьеб лъик1 гьеч1о: Х1акъаб жоялъе квер бакъун, г1адло бит1ун гьаби мурадалда, нуг1лъи гьаби т1адаб бук1уна, ва гьеб нуг1лъи гьабизе ах1араб мехалъ нуг1лъи гьабизе ине ккола. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ нужеца гьабулеб кинабго г1амал лъалев вуго,** ва гьелда рекъараб жазаъ гьабулевги вуго.

**136. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца Аллагьасда, ва гьесул расуласда х1акъаб х1алалъ иман лъе, ва гьеб иман лъеялда т1ад ч1ейги гьабе. Гьединго х1акъаб, щаклъи гьеч1еб х1алалъ иман лъе Мух1аммад ﷺ аварагасда решт1изабураб Къуръаналада, ва гьелда цереккун Аллагьас ﷻ решт1изарурал киналго т1ахьаздаги. Аллагьасда ﷻ, гьесул малаикзабазда, Аллагьасул т1ахьазда, ва аварагзабазда, гьединго ахир къиямасеб къо бук1иналда инкар ккурав чи ц1акъ къосарав чи вуго, ва жив х1акъаб нухдаса вахъарав, Аллагьасул т1орит1ел жиндие гьеч1ев чи вуго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ ءَامِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ
وَٱلْكِتَٰبِ ٱلَّذِى نَزَّلَ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ
وَٱلْكِتَٰبِ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ مِن قَبْلُ وَمَن
يَكْفُرْ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ
وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَٰلًۢا بَعِيدًا ١٣٦

**137. Х1акълъунго жидеца иман лъун рук1арал, цинги капурлъарал г1адамал. Хадубги жудеца иман лъун рук1ун, ц1идасан купруялда арал, ва гьеб купруялда ч1арал: гьал г1адамазул Аллагьас ﷻ мунагьал чуруларо, ва гьезда т1асаги лъугьуларо, ва гьел бит1араб нухдаги т1орит1уларо.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ثُمَّ كَفَرُواْ ثُمَّ ءَامَنُواْ ثُمَّ
كَفَرُواْ ثُمَّ ٱزْدَادُواْ كُفْرًا لَّمْ يَكُنِ ٱللَّهُ لِيَغْفِرَ
لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ سَبِيلًۢا ١٣٧

Гьаб аят буго мунафикъзабазул х1акъалъулъ решт1изабураб: жидеца иман лъун, цинги муртадлъарал, цингиги иманлъун, ва гьанжеги муртадлъун, ва гьеб купруялда ругеб х1алалъ жал хварал. Цо г1алимзабаца абуна: Гьаб аят буго Муса عليه السلام аварагасда иман лъун рук1арал г1адамаз гьеб иман лъеялдаса руссун бачие лагълъи гьабун капурлъиялъул бицараб. Цинги Мусаде иман лъурал. Гьелдаса хадув Г1иса عليه السلام авараг вач1араб мехалъ гьесда инкар ккурал. Цинги Мух1аммад ﷺ авараг вач1индалго жудер инкар кквей ц1акъго ц1ик1арал, ва жидеца

гьев Мух1аммад аварагасда иман лъеч1ел г1адамазул бицараб абун.

بَشِّرِ ٱلْمُنَٰفِقِينَ بِأَنَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٣٨﴾

**138. Дуца мунафикъзабазда рохел бице Мух1аммад ﷺ, гьезие ц1акъ жинца унтизе гьабулеб г1азаб бук1ине бугин абун.**

ٱلَّذِينَ يَتَّخِذُونَ ٱلْكَٰفِرِينَ أَوْلِيَآءَ مِن
دُونِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۚ أَيَبْتَغُونَ عِندَهُمُ ٱلْعِزَّةَ
فَإِنَّ ٱلْعِزَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا ﴿١٣٩﴾

**139. Муъминзабиги жалго тун капурзаби гьудуллъун кколел, гьезда божилъи гьабулел мунапикъзаби руго жидее жужах1алъул г1азаб бук1ине бугел. Гьел капурзабаздаса квербакъи, жидер къуват ц1ик1к1ин, жал бергьиналъе кумек т1алаб гьабунищха ругел гьал мунафикъзаби? Х1акъълъунго, кинабго к1одолъиги, къуват-гучги Т1адег1анав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго. Ва гьесул квербакъи жиндие рокьарал муъминзабазе бук1уна.**

Аллагьас квербакъи гьабурав чи вуго жив бергьуневги.

وَقَدْ نَزَّلَ عَلَيْكُمْ فِى ٱلْكِتَٰبِ أَنْ إِذَا سَمِعْتُمْ
ءَايَٰتِ ٱللَّهِ يُكْفَرُ بِهَا وَيُسْتَهْزَأُ بِهَا فَلَا تَقْعُدُوا۟
مَعَهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُوا۟ فِى حَدِيثٍ غَيْرِهِۦٓ ۚ إِنَّكُمْ إِذًا
مِّثْلُهُمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ جَامِعُ ٱلْمُنَٰفِقِينَ
وَٱلْكَٰفِرِينَ فِى جَهَنَّمَ جَمِيعًا ﴿١٤٠﴾

**140. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръаналда жаниб нужеда бицун буго: Къуръаналъул аятал раг1араб мехалъ гьел аятазда капурзабаца инкар кколеб бугин, ва гьел аятал махсародеги гьарулел ругин. Гьадинал Аллагьасул каламалда инкар кколел, гьеб махсароде гьабулел г1адамалгун нуж г1одор ч1оге. Гьез гьеб къабих1аб г1амал тун цоги х1алалаб хабар бицунеб бугони бегьила гьелгун г1одор ч1езе. Аллагьасул калам махсароде гьабулел г1адамазда аск1ов г1одов ч1арав чи гьезда релълъун вук1уна** жиндир купруялъулъ. **Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капурзабиги мунафикъзабиги киналго данде рак1аризе руго жужах1алда жанир.**

Гьаб къавмгун цадахъ жужах1алда ккеялдаса х1инкъа, ва капуразулгун, мунапикъазулгун гьудуллъи гьабуге.

ٱلَّذِينَ يَتَرَبَّصُونَ بِكُمْ فَإِن كَانَ لَكُمْ
فَتْحٌ مِّنَ ٱللَّهِ قَالُوٓا۟ أَلَمْ نَكُن مَّعَكُمْ وَإِن
كَانَ لِلْكَٰفِرِينَ نَصِيبٌ قَالُوٓا۟ أَلَمْ
نَسْتَحْوِذْ عَلَيْكُمْ وَنَمْنَعْكُم مِّنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۚ
فَٱللَّهُ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ وَلَن يَجْعَلَ
ٱللَّهُ لِلْكَٰفِرِينَ عَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ سَبِيلًا ﴿١٤١﴾

141. Гьал капурзаби ва мунапикъзаби руго: **Нужеда кидалдай балагьал рач1ина абун,** гьел рач1изе бокьун, **хьаравуллъи ккун ругел.** Гьел балагьал нужеда рач1араб къоялъ жал роххун рук1ине ругел. **Нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бергьенлъи ва гьанимат (давла) щвани, гьез абула: нижги нужгун цадахъ рук1анагурищ,** нижееги

кье гьеб гъаниматалдаса бут1а абун. **Капурзаби бергьун гьезие роххел щвараб къоялъ, мунапикъзабаца гьездаги абула: нижее рес бук1ана муъминзабигун цадахъ нужеда рагъизе. Нижеца нуж бергьиналъе сабаб гьабуна,** нижее бут1а кье нужее щвараб давлаялдаса абун.

**Аллагьас х1укму гьабизе буго муъминзабаздаги капурзабадаги гьоркьоб къиямасеб къоялъ. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **капурзаби муъминзабазда т1ад бергьинеги теларо дунялалъул рукъалда,** ва ахираталда гьезул щибго х1ужаги бук1унаро муъминзабазда данде борцине, ва бицине.

Ибнукасирица абуна: капурзабазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цо-цо заманалъ бергьенлъи кьуниги, т1обараб бергьенлъи, ва муъминзаби т1аг1изари гьезие кьолеб жо гьеч1о. Т1адег1анав Аллагьасул къот1и буго ахир-къадги исламияб дин бергьизе, ва лъик1аб ахиратги Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъарал муъминзабазе бук1изе.

إِنَّ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ يُخَٰدِعُونَ ٱللَّهَ وَهُوَ
خَٰدِعُهُمۡ وَإِذَا قَامُوٓاْ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ قَامُواْ كُسَالَىٰ
يُرَآءُونَ ٱلنَّاسَ وَلَا يَذۡكُرُونَ ٱللَّهَ إِلَّا قَلِيلٗا ١٤٢

**142. Х1акълъунго мунапикъзаби жидеца Аллагь гуккулаян руго:** загьиралда иман лъураллъун ч1ун, рек1елъ купру бук1ун. **Х1акъикъаталда Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца гьел гуккарав.**

Жидер квешаб г1амалалда гьел даим гьарун, ва халат гьарун, ахирталда гьезие г1азаб ц1ик1к1изе. Аллагьас муъминзабаздаги амру гьабун буго гьел мунафикъзаби ч1ваге абун, гьезул мунагьал г1емерлъизе. Ва ахираталда гьезие бищунго квешаб, жужах1алъул гьоркьияб т1ала гьабун буго жанир ч1олеб ва г1азаб гьабулеб бак1лъун.

Аллагьас нилъ рик1к1ад гьареги гьаб г1азаб т1ад гьабулел г1амалалдаса.

**Гьел мунапикъзаби как базе рахъараб мехалъ ц1акъ к1вах1алго рахъула:** жидее гьеб какил кири щвеялда хьуллъун гьеч1ого, ва как бач1ого теялда г1азаб гьабиялдасаги х1инкъич1ого. **Г1адамазе рихьизе г1оло рахъун ч1ола гьел жамаг1атгун цадахъ как базе, ц1акъ дагь гурони Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **рехсоларо.**

مُّذَبۡذَبِينَ بَيۡنَ ذَٰلِكَ لَآ إِلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ وَلَآ إِلَىٰ
هَٰٓؤُلَآءِۚ وَمَن يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَلَن تَجِدَ لَهُۥ سَبِيلٗا ١٤٣

**143. Мунапикъзаби иманалдаги купруялдаги гьоркьор руго, жал щакдарулеллъун, ва жидер г1акъло г1олареллъун. Муъминзаби руго абун гьалгун рекъон рук1уларо, ва капурзаби руго абун долгун**

**рекъонги рук1уларо. Аллагьас ﷻ бит1араб нухда т1орит1ич1ел г1адамазда гьеб нух батуларо ва гьезие бахьибуголъиги щоларо.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّخِذُواْ ٱلْكَٰفِرِينَ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۚ أَتُرِيدُونَ أَن تَجْعَلُواْ لِلَّهِ عَلَيْكُمْ سُلْطَٰنًا مُّبِينًا ﴿١٤٤﴾

**144. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца муъминзабиги дорег1ан тун капурзаби гьудулзабилъун ккоге,** гьел т1асса рищун, гьел лъик1аллъун рихьун рук1унге. **Нужее бокьунищ бугеб Аллагьас ﷻ ахираталда нужее г1азаб гьабизе баянаб х1ужа- г1илла нужецаго х1адурун тезе?.**

إِنَّ ٱلْمُنَٰفِقِينَ فِى ٱلدَّرْكِ ٱلْأَسْفَلِ مِنَ ٱلنَّارِ وَلَن تَجِدَ لَهُمْ نَصِيرًا ﴿١٤٥﴾

**145. Х1акълъунго мунапикъзаби жужах1алъул бищун гъоркьияб т1алаялда рук1ине руго.** Жиндир боркьи ва г1азаб гучаб. **Ва гьезие квербакъулев щивго чи вук1ине гьеч1о,** гьеб г1азаб т1асса босизе яги бигьа гьабизе.

إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُواْ وَأَصْلَحُواْ وَٱعْتَصَمُواْ بِٱللَّهِ وَأَخْلَصُواْ دِينَهُمْ لِلَّهِ فَأُوْلَٰٓئِكَ مَعَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۖ وَسَوْفَ يُؤْتِ ٱللَّهُ ٱلْمُؤْمِنِينَ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿١٤٦﴾

**146. Жидеца тавбо гьабун лъик1аб г1амал гьабурал, Аллагьасул ﷻ динги ккурал, гьеб дин гьабиялъулъ ширк гьабич1ого цох1о Аллагьасе г1ибадатги гьабурал: гьал г1адамаздаса Аллагь ﷻ т1аса лъугьула ва гьал муъминзабигун цадахъ рук1уна. Ахираталда Аллагьас муъминзабазе ц1акъ к1удияб ажро кьезе буго.**
Ниг1матазул алжан кьезе буго, абадиялъго жанир рук1унеблъун.

مَّا يَفْعَلُ ٱللَّهُ بِعَذَابِكُمْ إِن شَكَرْتُمْ وَءَامَنتُمْ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ شَاكِرًا عَلِيمًا ﴿١٤٧﴾

**147. Аллагьасе ﷻ щиб жо бук1инеб нужее г1азаб гьабиялдалъун, Аллагьасда иманлъун, гьесие щукру гьабулеллъун нуж ругеб мехалъ.**

Нужедаса ццим босулев гьеч1о Аллагь ﷻ, яги нужедаса жиндие щвараб зарал борхулев гьеч1о. Гьединго нужее г1азаб гьабун жиндие мунпаг1ат бук1унев гьеч1о. Ай, Аллагьас ﷻ г1азаб гьабуларо муъминзабазе, гьелъул г1аксалда нужер дагьаб лъик1аб г1амалалда данде г1емераб ажро кьола Аллагьас. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ лагъзадерил лъик1аб г1амалалда щукру гьабулев вуго,** гьелда данде г1емераб ажро гьабун. **жинда кинабго г1амал лъалевги вуго.**

Мух1аммад Г1али Сабунияс абуна:

Мунапикъзабазул х1ал капурзабазул х1алалдаса захl1матаб буго

гьезие бугеб х1инкъиялъул ва г1азабалъул рахъалъан. Гьелъие цо г1илла буго Аллагьас ﷻ мунафикъзабазул х1акъалъулъ аби: «Гьезие жужах1алъул бищун гъоркьияб т1ала х1адурун бугоян»- абун. К1иабилеб г1илла буго капурзабазул тавбо бицараб бак1алда Аллагьас ﷻ абулеб буго: «Гьел капурзабаде абе гьез купру тун тавбо гьабуни, гьезул цереселги мунагьал чурила»- абун.

Мунапикъазул тавбоялъе ункъго шарт1 гьабун буго: мунагьазда рек1екълъун тавбо гьаби, хадуб лъик1аб г1амал гьабиялда т1ад ч1ей гьаби. Аллагьасул дин ккун вук1ин. Аллагьасе гьабулеб г1ибадаталъулъ щибго жо г1ахьал гьабун гут1и.

Лъабабилебги буго: гьадин тавбо гьабун хадубги, гьел муъминзаби руго абураб сифат гьабич1ого Аллагьас ﷻ абулеб буго: «муъминзабигун цадахъ рук1ина»-абун, ахираталда алжаналъул бицараб бак1алдаги абулеб буго Аллагьас ﷻ: «муъминзабазе к1удияб ажро кьела»- абун. Гьаб кинабго жо буго Аллагьасе мунапикъзаби рокьунгут1и, гьел х1инкъизари жидер нипакълъун бугеб купру ц1акъ к1удияб зулмо бук1ин бицун.

۞ لَّا يُحِبُّ ٱللَّهُ ٱلْجَهْرَ بِٱلسُّوٓءِ مِنَ ٱلْقَوْلِ إِلَّا مَن ظُلِمَ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ سَمِيعًا عَلِيمًا ﴿١٤٨﴾

**148. Т1адег1анав Аллагьасе** ﷻ **бокьуларо г1адамаз къабих1аб жо загьир гьабун бицизе,** ва цо-цазе квешаб дуг1а гьабизеги. **Жиндие зулмо гьабурав чияс бегьила жинца зулмо гьабурасе квешаб дуг1а гьабизе,** ва жиндие гьабураб зулму загьир гьабизе. **Х1акълъунго Аллагь** ﷻ **нужер раг1и раг1улев, ва нужер г1амалал жинда лъалев вуго:**

Залимас гьабураб зулмуги лъала Аллагьасда, жиндие зулму гьабурасул дуг1аги раг1уна, ва гьелъие жаваб гьабула.

إِن تُبْدُوا۟ خَيْرًا أَوْ تُخْفُوهُ أَوْ تَعْفُوا۟ عَن سُوٓءٍ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَفُوًّا قَدِيرًا ﴿١٤٩﴾

**149. Нужеца лъик1аб г1амал загьирго гьабуниги,** цогидазеги мисаллъун бук1ине, **гьеб г1амал балъго гьабуниги,** нуж рияалдаса ц1унун рук1ине, **яги нужеца зулму гьабурав чи т1асан лъугьун таниги,- гьаб кинабго г1амал Аллагьасда бихьула ва лъала. Х1акълъунго Аллагь** ﷻ **жиндир х1ал к1олев вуго рец1ел босизе, ва амма рец1ел босич1ого т1аса лъугьун толев вуго.**

Аллагьас муъминзаби гьесизарулел руго т1аса лъугьиялда, ва гьезда абулеб буго: дир х1ал к1ола киг1ан залимав чиясдасаги рец1ел босизе, ва дун къуват-гуч бергьарав вуго. Гьадин бугониги

дица т1аса лъугьун тола дир заг1ипал лагъзал. Нуж руго заг1ипал, г1ажизал г1адамал, нужеда ц1акъго рекъараб буго цо-цазда т1аса лъугьизе абун.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَكۡفُرُونَ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ وَيُرِيدُونَ
أَن يُفَرِّقُواْ بَيۡنَ ٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ وَيَقُولُونَ نُؤۡمِنُ
بِبَعۡضٖ وَنَكۡفُرُ بِبَعۡضٖ وَيُرِيدُونَ أَن
يَتَّخِذُواْ بَيۡنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ١٥٠

**150. Жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул аварагзабаздаги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ инкар кколел г1адамал, ва жидее бокьун бугел Аллагьги гьесул аварагзабиги рикьизаризе, цоял цояздаса бат1а гьаризе. Ва жидеца абулел нижеца цоязда иман лъола, цогидазда лъоларо абун. Жидееги бокьун бугел иманалдаги купруялдаги гьоркьосеб цо нух лъезе:** гьединаб нух бук1уларо, ва гьал г1адамал къосарал, капурал руго.

أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡكَٰفِرُونَ حَقّٗاۚ وَأَعۡتَدۡنَا
لِلۡكَٰفِرِينَ عَذَابٗا مُّهِينٗا ١٥١

**151. Гьал руго х1акъикъиял капурзаби,** гьез ниж иман лъурал ругоян абуниги. **Дица капурал г1адамазе гьел ц1акъ г1одорег1ан гьарулеб жужах1алъул г1азаб х1адурун буго.**

Гьаб к1иго аят (150,151) решт1изабуна ягьудазул, ва насраниязул х1акъалъулъ: жидерго аварагасда иман лъун, цоги аварагзабазда инкар кколел. Гьединго жидер т1ехьалда гурони иман лъоларел, Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вит1араб мехалъ гьесда иман лъезеги ч1ух1арал, Къуръанги гьереси гьабурал.

Гьал г1адамаз ниж иман лъурал руго абиялъе г1оло гьазул иман къабул гьабуларо ва гьал капурзаби руго: гьезда т1адаб бук1ана киналго аварагзабазда, ва киналго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ т1ахьазда иман лъезе. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вит1араб мехалъ гьесда нахърилълъине, ва гьесул шарг1алда хьвадизе. Гьез гьаб х1укмуги хвезабуна, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахъ рилълъиналдаса цогидал г1адамалги нахъч1вана. Гьаб купруялда данде жазаъ буго абадияб жужах1алъул г1азаб.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ وَلَمۡ يُفَرِّقُواْ
بَيۡنَ أَحَدٖ مِّنۡهُمۡ أُوْلَٰٓئِكَ سَوۡفَ
يُؤۡتِيهِمۡ أُجُورَهُمۡۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ١٥٢

**152. Жидеца Аллагьасдаги ва гьесул аварагасдаги иман лъурал муъминзаби, аварагзаби цо-цаздаса бат1аялълъун гьарич1ого киназдаго иман лъурал. Гьал муъминзабазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ахираталда жидер ажро-кири кьезе буго.** Гьазие ажро алжан буго. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца мунагьал**

**рахчулев, ва жив муъминзабазда гурх1улев вуго.**

**153.** Гьаб аят решт1изабуна ягьудияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абидал: «мун х1акъав авараг ватани мун нижехъе вач1а зодисан цадахъго цо нухалъ решт1изабураб т1ехьги босун, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг Таврат босун вач1араб г1адин»-абун. Гьаб раг1и бук1инч1о иман лъезе бокьун абураб, инкар кквеялул ва х1ал хъублъиялъул къуваталъ абураб раг1и бук1ана.

يَسْـَٔلُكَ أَهْلُ ٱلْكِتَٰبِ أَن تُنَزِّلَ عَلَيْهِمْ
كِتَٰبًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ ۚ فَقَدْ سَأَلُوا۟ مُوسَىٰٓ أَكْبَرَ
مِن ذَٰلِكَ فَقَالُوٓا۟ أَرِنَا ٱللَّهَ جَهْرَةً فَأَخَذَتْهُمُ
ٱلصَّٰعِقَةُ بِظُلْمِهِمْ ۚ ثُمَّ ٱتَّخَذُوا۟ ٱلْعِجْلَ مِنۢ
بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ ٱلْبَيِّنَٰتُ فَعَفَوْنَا عَن
ذَٰلِكَ ۚ وَءَاتَيْنَا مُوسَىٰ سُلْطَٰنًا مُّبِينًا ﴿١٥٣﴾

Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ягьудиязул т1абиг1ат-г1амал бицун, гьел къват1ир ч1вазарун решт1изабуна гьаб аят.

**Китабияз дуда абулеб буго Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дуца жидее зодисан т1ехь решт1изабе абун.** Мун гьелда щибго г1ажаиблъуге: **х1акълъунго Муса аварагасдаса гьез гьелдасаги к1удияб жо т1алаб гьабуна, ва абуна: «Дуца нижеда Аллагь вихьизаве загьирго, нижер бераздa»-абун. гьез гьадинаб купруялъул раг1и абидалго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие г1азаб гьабуна ва зодисан ц1а бач1ун, гьеб ц1аялъ жал рух1ана. Хадубги Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда иман лъун рук1арал г1адамаз бачие лагълъи гьабуна ва гьеб алагьлъун ккуна, гьезие Мусаца загьирал муг1жизаталги рихьизарун рук1адго.**

Муса аварагас жив Аллагьасул расул вук1иналда т1орит1ел гьабулел: жиндир г1ансаялъул, кверaлъул, ралъад бикьизабиялъул, ва цогидалги г1емерал муг1жизатал рихьизаруна. **цингиги дун гьел г1адамаздаса т1аса лъугьина:** гьазул к1удиял мунагьал, хиянатал ругониги, Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда гьаридалго, гьел г1азаб гьабич1ого тана.

**Дица Муса аварагасе ц1акъ баянал х1ужаби, ва муг1жизатал кьуна.** Гьедин бугониги жиндир къавм гьев Муса аварагасда иман лъун, мут1иг1лъун ч1олел рук1инч1о. Гьаб дур заманаялъ ругел ягьудиялги гьелго руго Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, ва киг1ан к1удияб муг1жизатгун мун вач1аниги, мун рит1ухъ гьавулел, ва дуда нахърилълъунел гьеч1о. Гьаб раг1и тасдикъ гьабулеб буго гьезул г1амал бицарал гьалда хадусел аятазги.

**154. Дица гьел ягьудиязда т1ад т1ур мег1ер борхана, гьез Таврaталда г1амал гьаби, ва Муса аварагасул шарг1алда нахърилълъин къабул**

وَرَفَعْنَا فَوْقَهُمُ ٱلطُّورَ بِمِيثَٰقِهِمْ وَقُلْنَا لَهُمُ
ٱدْخُلُوا۟ ٱلْبَابَ سُجَّدًا وَقُلْنَا لَهُمْ لَا تَعْدُوا۟
فِى ٱلسَّبْتِ وَأَخَذْنَا مِنْهُم مِّيثَٰقًا غَلِيظًا ﴿١٥٤﴾

**гьабуларого бук1ун:**
Эхеде борхун, жидеда т1ад гьет1изабун, Т1ур мег1ер бихьун, гьеб т1аде бортун жал гьалаглъилин х1инкъун гурони гьез Аллагьасе сужда гьабич1о, ва гьесие х1елич1о. Гьадинан жал гьалаг гьариялда х1инкъун гурони Муса аварагасда нахърилълъине, ва Тавраталда г1амал гьабизе жал мук1урлъич1о.
**Цингиги гьезда дица амру гьабуна нуж Байтул-мукъадасалда жанир лъугьаян, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1елун, бет1ер г1одоб къулун абун.** Гьаб амруялдаги гьез хилиплъи гьабуна ва, Аллагьасул амру махсароде гьабун мугъ цебе гьабун, рохо-къот1ода хъуршулаго лъугьана жал шагьаралъул рагьдохъан жанире.
**Цогиги гьел ягьудиязда дица амру гьабуна щаматкъоялъ ччуг1а ккоге абун, гьеб ччуг1а ккеч1ого бук1ине гьездаса ц1акъ щулияб къот1иги босана гьез** гьаб къот1иги хвезабуна ва шамат къоялъ ччуг1а ккезе х1илла ургъана: рузман къоялъго гьинал лъун, гвендал рухъун, гьениб жаниб шамат къоялъ ччуг1а бач1ине х1адурлъи гьабун толаан.

**155. Жидеца киналго къот1аби хвезариялъе г1оло, Аллагьасул муг1жизатазда инкарги кквеялъе г1оло, щибго г1ила гьеч1ого жидехъе рит1арал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагзабиги ч1ваялъе г1оло.**

فَبِمَا نَقْضِهِم مِّيثَٰقَهُمْ وَكُفْرِهِم بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَقَتْلِهِمُ ٱلْأَنۢبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَقَوْلِهِمْ قُلُوبُنَا غُلْفٌۢ ۚ بَلْ طَبَعَ ٱللَّهُ عَلَيْهَا بِكُفْرِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُونَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٥٥﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагас жал иман лъеялда ах1араб мехалъ, гьез абураб раг1иялъе г1ologи: «**нижер рак1азда т1ад т1алъел буго, дуца бицараб жо гьениб жаниб лъугьунеб гьеч1о**»- абун. Ягьудияз абухъин гьеч1о гьезул рак1ал. **Гьезда т1ад Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ купруялъул мугьру ч1ван буго, ва гьезул ц1акъ дагьал г1адамал гуро иман лъолел гьеч1о**. Гьал к1удиял мунагьазе г1оло, ва хадурги рицунел к1удиял мунагьазе г1оло гьезие жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.

**156. Жидеца Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда инкар ккеялъе г1оло, ва Марьямида ц1акъ к1удияб бугьтанги лъеялъе г1оло** бук1ина ягьудазе гучаб г1азаб. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ киналго руччабаздаса хира гьаюн йижарай Марьямица зина гьабун гьавурав вас вуго Г1иса абуна ягьудияз.

وَبِكُفْرِهِمْ وَقَوْلِهِمْ عَلَىٰ مَرْيَمَ بُهْتَٰنًا عَظِيمًا ﴿١٥٦﴾

**157. Ягьудияз абиялъе г1ologи нижеца**

وَقَوْلِهِمْ إِنَّا قَتَلْنَا ٱلْمَسِيحَ عِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ

رَسُولَ ٱللَّهِ وَمَا قَتَلُوهُ وَمَا صَلَبُوهُ وَلَٰكِن شُبِّهَ لَهُمْ ۚ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ لَفِى شَكٍّ مِّنْهُ ۚ مَا لَهُم بِهِۦ مِنْ عِلْمٍ إِلَّا ٱتِّبَاعَ ٱلظَّنِّ ۚ وَمَا قَتَلُوهُ يَقِينًۢا ﴿١٥٧﴾

**Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ч1ванила абун: «ал-Масих1 Г1иса ибну Марьям»-абун жинда абулев, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуллъунги жив вугев. Ягьудияз Г1иса ч1вач1о, жидеца гьев хъарщиялдаги вукъич1о** (кверазда, х1ат1азда маг1ал ч1ван). **Киниги Аллагьас жидее Г1иса вугин ккезе гьабун цоги чи ч1вана ягьудаз. Гьав Г1исал عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ х1акъалъулъ хилиплъарал г1адамалги х1акъаб жоялдаса ц1акъ рик1к1адаб даг1ба-къецалъулъ руго. Гьезие щибго баянаб х1ужаги гьеч1о, жидерго рак1алда ккараб жоялда нахъ рилълъун к1алъай гуреб гьезда лъалеб жоги гьеч1о. Г1иса авараг вук1ин лъан ч1вач1о ягьудияз дов чиги: щакдарилаго, мух1канлъи гьеч1ого ч1вана.**

بَل رَّفَعَهُ ٱللَّهُ إِلَيْهِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٥٨﴾

**158. Гьез абухъе гьеч1о иш. Г1иса авараг Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ч1агого жинда аск1ове зобалазде вачана. Х1акълъунго Аллагь жиндир къуват-гуч бергьарав, жиндир пишабазулъ х1акимияв вуго.**

وَإِن مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ إِلَّا لَيُؤْمِنَنَّ بِهِۦ قَبْلَ مَوْتِهِۦ ۖ وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ يَكُونُ عَلَيْهِمْ شَهِيدًا ﴿١٥٩﴾

**159. Китабиязул цониги чи гьеч1о жив хвелелда цеве Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда жинца иман лъолевлъун гурони.**

Гьезда рух1 босулев малаик т1аде щвей х1акълъараб мехалъ, ягьудияз ва насранияз Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ нуг1лъи гьабизе буго Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул лагъ вуго ва Аллагьасул расул вуго абун.

Ибнужарир абулев г1алимас абуна: гьаб аяталъул маг1на гьабиялъулъ г1алимзаби хилиплъана. Бищун бит1араб бук1ине рекъараб маг1на буго: «Г1иса авараг ракьалде рештlун хадуб цониги китабияв нахъе хут1изе гьеч1о Г1иса авараг хвелелде гьесда иман лъеч1ого» – абун. Гьаб маг1на бит1араб бук1иналъе нуг1лъи гьабула Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ракьалде рештlун хадуб киналго г1адамал исламияб диналда руссинарун хадуб гурони Г1иса авараг холарин абураб маг1на бугел х1адисаз.

**Къиямасеб къоялъ Г1иса аварагас китабиязе нуг1лъи гьабизе буго гьезул купру-ширк бицун.** Ягьудиязе нуг1лъи гьабизе буго гьез Г1иса авараг гьереси гьавунин, ва гьесул эбел Марямида к1удияб бугьтанги лъунин. Насраниязе нуг1лъи гьабизе буго гьез Г1иса авараг Аллагьасул вас вуго абун, Аллагь вуго абун ширк гьабунин абун.

Жинда Аллагьасул салам лъеяв Г1иса аварагасул х1акъалъулъ

насраниязул хилап буго ва цояз-цоял гьереси гьарулел, жидер иманлъей хвезабулел г1акъидаби (рек1ел ч1еял) руго. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса Абух1атимица бицана:

*«Аллагьасул салам лъеяв Г1иса авараг ч1ваze абун ягьудиял гьев жанив вугеб рукъ сверун лъугьиндал, Г1иса аварагас живгун цадахъ рук1арал х1авариюназда абуна: «нужер щив вугев дун абун ягьудиязда рак1алда ккезабулев, гьез жив ч1ваze, ва дир даражаялда, дунгун цадахъ вук1ине»-абун. Х1авариюназул анц1ила к1иго чи вук1ана. Гьезул бищунго г1олохъанав вахъана т1аде: «дун вуго гьев чи» – абун. Г1иса аварагас абуна: «мун г1одов ч1а» - абун. Хадубги Г1исаца гьикъана щив вугев нужер дида релълъаравлъун вук1ине разияв чи: «ягьудияз жив ч1ваze, ва ахираталда дунгун цадахъ дир даражаялда вук1ине» - абун. Гьанжесаги довго г1олохъанчи вахъана т1аде «дун вуго гьевчи» – абун. Лъабабизеги Г1исаца добго суал кьедал гьев г1олохъанчи т1аде вахъана. Цинги Г1иса аварагас « мун вуго гьевчи» – абуна. Рукъалъул т1охилъан бук1араб гордухъан Аллагьас зодиве вачун Г1иса авараг араб мехалъ ягьудиязул Г1иса авараг кквезе абун рач1арал г1адамал рокъор лъугьана, ва дов г1олохъан чи Г1иса авараг вуго абун рак1алда ккун, къват1ив вачун ч1вана. Хадув жидеца гьев хъарщазда вукъана: квераздa, ва х1ат1азда маг1ал ч1ван.*

*Гьаб ишалдаса хадуб Г1иса аварагасда иман лъун рук1арал насраниял лъабго къокъаялда рикьана.* Цо къокъаялъ *абуна: «нижгун цадахъ алагь вук1ана ракьалда жиндие бокьараб г1ан мехалъ, цинги жив зодове ана» абун.* Цоги къокъаялъ *абуна: нижгун цадахъ ракьалда алагьасул вас вук1ана жиндие бокьарабг1ан мехалъ, цинги Аллагьас гьев вас жинде аск1ове зодове вачана» – абун. Гьезда ц1ар буго «нист1урияl» – абун.*

Цоги къокъаялъ *абуна: нижгун цадахъ Аллагьасул лагъ, ва расул вук1ана Аллагьасе бокьарабг1ан мехалъ, цинги Аллагьас гьев жиндихъе зодове борхана» - абун. Гьаб къокъа буго жидеца иман лъурал, «муслимунал». Цинги гьаб к1иго къосараб къокъаялъ рагъ гьабун муслимунал ч1вана, гьел дагьлъана, ва нахъе хут1арал маслимунал жидер иман бахчун рук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вит1араб мехалъ гьаб къокъаялъ жудер иман загьир гьабуна».*

Цоги г1ажаибаб жо буго гьал насраниязул: гьезул цо къокъа буго ягьудияз Г1иса авараг г1одовег1ан гьавунин, гьев ч1ванин, ва хъарщазда вукъанин абулел. Г1иса авараг г1одана, ва рак1 къварилъун вук1анин абулелги. Гьев Г1иса авараг т1ад вукъараб хъарщиялда релълъараб хъанч гьабун, гьеб хъанчие лагълъи гьабулел. Гьаб иш кинха бит1ун

букIунеб, жидеца «Аллагь» вуго, яги «Аллагьасул вас» вуго абурав ГIисал хIакъалъулъ! Гьев чIвазе ягьудиязда кин кIолев, ва «Аллагь» кин гIодилев?

Аллагьасул салам лъеяв ГIиса авараг чIагого зодов ворхин, ва ахир заманалъ гьев ракьалда рештIине вукIин, гьес исламияб дин дунялалдаго тIибитIизабизе букIин бицарал сахIихIал хIадисал гIемер руго. Цо чанго хIадис нилъецаги хъвала (иншаАллагь).

Жинда Аллагь разилъаяв имам Бухарияс Абугьурайратидаса хIадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул цIаралдалъун гьедула дун: нужеде рештIизавила Марьямил вас ГIиса жинца битIараб хIукму гьабулевлъун. Жинца хъанчги бекила, болъонги чIвала, жизъят тIаса рехила. Цинги боцIи-мал гIемерлъун, гIадамал бечелъун цониги чияс гьеб боцIи къабул гьабулареблъун букIина. ЦохIо Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *гьабураб сужда лъикIаб букIина гьеб заманаялъ инсанасе кинабго дунялалдаса, ва гьелъул бечелъиялдасаги»* - абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв ГIиса аварагас бекулеб хъанч, ва гьес чIвалеб болъон буго гIадамаз Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел рукIарал хъанчал. Жизъят тIаса рехула абураб рагIиялъул магIна буго: жизъят тIаде лъун щивниги чи толаро исламияб дин босун гурони. Гьеб заманаялъ жинца хIукму гьабулеб жо цохIо хвалчен букIуна; иман лъурав чи чIаго хутIула, иман лъечIев чи чIвала.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан имам АхIмадица бацараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Киналго аварагзаби эбелдахъан вацал руго: (цо чиясул батIи-батIиял руччабаз гьарурал васал) жидер улбул батIиял амма дин цогоял. ГIиса аварагасе вац вукIине дун бищунго рекъарав вуго. Дидаги гьесдаги гьоркьов авараг вукIинчIо, ва гьев дир умматалда рештIизе вуго. Нужеда гьев вихьараб мехалъ лъазе вуго: гьоркьохъеб, берцинаб черх бугев чи вукIана, хъахIлъиги багIарлъиги жубараб гIадаб кьералъул, жинда тIаде ретIун кIиго багIараб ракьул кьераб ретIел букIина. Жиндир бетIералдаса лъим тIинкIулеб бугеб гIадин букIуна бетIер биччун гьечIониги... Гьеб заманаялъ Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *киналго динал гьалаг гьарула исламияб дин хутIизегIан. Гьев ГIиса аварагас дажалги чIвала. Цинги ракьалда тIад цIакъ парахатаб, рахIатаб, бечедаб заман букIуна. ГъалбацIалги варанабиги цадахъ рукIуна, бацIал гIиялгун цадахъ рукIина. ГIисинал лъимал борхьал расандизарулел рукIина, жидее гьез зарални гьабиларо»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абуумамат ал-багьили абулев асх1абасдасан х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нижее хут1ба гьабуна дажалил питнаялъул бицун. Гьеб хут1баялда жаниб абуна: *«Аллагьас Адам авараг вижаралдаса хадуб ракьалда рук1арал питнабазул цонигияб бук1инч1о дажалил питнаялда релълъараб, ва гьелдасан к1удияб.*

*Аллагьас щивав аварагасда лъазабулеб бук1ана гьев дажалил питнаялдаса х1инкъа абун. Дун ахирав авараг вуго, ва нуж ахираб уммат буго: щибго щаклъи гьеч1о гьев дажал гьаб умматалда жанисан вук1иналда. Дажал вахъуна Г1иракъалдаги Шамалдаги гьоркьоб бак1алдаса, ва жинца ц1акъ пасалъаби, ва г1ассилъаби гьарула. Я Аллагьасул лагъзал! Нуж иманалда ч1а, ва нужеца сабро гьабе, гьев дажал нужеда гьоркьоса вахъина. Гьес абула: дун вуго авараг, дида хадув цоги авараг гьеч1о абун, гьелдаса хадуб жинца абула дун нужер бет1ергьан вуго абун. Нужее Бет1ергьан Аллагь вихьуларо нуж хун алжаналда лъугьун гурони. Цо бер бецавги вук1уна гьев дажал, нужер Бет1ергьан Аллагь бецав гьеч1о.*

*Гьесул надалда хъван бук1уна «дун капурчи вуго»-абун, гьеб раг1и щивав муъминчиясда ц1ализе лъала. Дажалил питнаялдаса буго гьевгун цадахъ алжанги жужах1ги бук1ин. Гьесул жужах1 нужер алжан буго, гьесул алжан нужее жужах1 буго...*

*Цоги дажалил питнаялдасан буго жинца цо чиясда аби: «дица дур эбел-эмен ч1аго гьаруни, дуца дида дур бет1ергьан вуго абун иман лъелищ»-абун, гьев чияс абула: «лъела» – абун. Цинги щайт1ан буч1уна гьев чиясул эбел-имсул сураталда, ва жинца абула: я дир вас гьев чи дур бет1ергьан вуго, мун гьесда нахъвилълъа» абун.*

*Цоги гьесул питнаялдасан буго: жинца цо муъминчи бет1ералдасан бай бихьун хъухъан к1иго бут1а гьабун г1одов рехх ула, ва жинда сверухъ ругел г1адамазда абула: гьав дир лагъасда балагье нуж, дица гьав ч1аго гьавизе вуго, цингиги гьас дида инкар кквезе буго» – абун. Цинги Аллагьас гьев лагъ ч1аго гьавула, ва дажалица гьесда гьикъула: «дур бет1ергьан щив вуго» - абун. Муъминав лагъас абула: дир Бет1ергьан Аллагь вуго, ва мунги Аллагьасул тушман дажал вуго»–абун.*

*Цоги гьесул питнаялдасан буго жиндир амроялдалъун зобалаз ц1ад бай, ва ц1ад къот1изе гьаби. Жинда иман лъеч1ел г1адамазул боц1и-мал гьалаглъи, жинда иманлъуразул боц1и-мал г1емерлъи. Гьав дажал т1аде хьвадич1еб, гьас питна гьабич1еб бак1 хут1уларо Макка, ва Мадина гурони»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяй Умушарикица абуна: Я расулаллагь ﷺ!

Гьеб мехалъ г1арабиял кир рук1ине ругел?» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«гьеб къоялъ г1арабиял ц1акъ дагь рук1ине руго. Иман лъурал г1арабиял Байтул-Мукъадасалда рук1ине руго. Жидер имамгун цадахъ рогьалил как базе гьел рахъараб мехалъ Г1иса авараг решт1ине вуго гьезда т1аде»... как бан хадуб масжидалъул нуц1а рагьарабго гьенир к1алт1а ч1ун дажалги, ва лъабкъоялда анц1азар ягьудиявги ватизе вуго ярагъ, къолденалгун. Г1иса аварагасда бер ч1варабго дажал лъималда гьоркьоб ккараб ц1ан г1адин виун ине лъугьуна ва жив лъутун унаго Г1иса аварагас хвалчен къабун ч1вала. Цинги ягьудиялги х1инкъун рихун уна. Хадур лъугьун муъминзабаца ягьудиял ч1вала, ва щибаб гамач1алъ, х1айваналъ, гъвет1алъ, къедалъ абула: «Дида нахъа вахчун ягьудияв вуго гьав ч1вазе вач1а я муъминчи»-абун. Цо «гъаркъад» абулеб гъвет1 буго жинца «ягьудияв вуго дида нахъаян»- абулареб. Гьеб ягьудиязул гъвет1 буго.* Х1адис имам ибну Мажатица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Навас ибну Самг1анидаса Муслимица бицараб х1адисалъулъ буго:

*«гьев дажал вахъараб заманялъ гьес ракьалда к1икъого къо базе буго. Цо къо лъаг1елг1ан халатаб бук1ина, цо къо моц1г1ан халатаб бук1ина цо къо анкьг1ан халатаб бук1ина, цогидал къоял гьал нилъер къоязда релълъун рук1ина» - абун. Асх1абзабаца абуна: «Я расулуллалагьи! Гьеб къоялъ нижее цо как г1езе бугищ?» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «цо как г1еларо, гьоркьохъеб къоялъул къадар ч1езабила» – абун. Цинги Аллагьас Г1иса авараг вит1ила гьеб къавмалда. Димашкъалъул бакъ баккул рахъалда хъах1аб минареталда аск1ов решт1ина Г1иса авараг малаикзабазул куркьбузда квералги лъун.*

*Т1адег1анав Аллагьас яъжуж-маъжуж абураб къавмги бахъизабила: ц1акъ г1емераб, муг1руздасан ихх чвахулеб г1адин рач1унел г1адамал рук1ина гьел. Гьезул цересел цо ралъад бугеб бак1алда щвараб мехалъ,гьез гьекъон гьеб ралъад т1аг1ула, хадур рач1араз абула: гьаб бак1алда лъим бук1ун бугоха» – абун. Цинги ракьалда бугеб жо гьез кванан, баракат ун бук1уна.*

*Г1иса аварагас, ва гьесул асх1абзабаца Аллагьасда гьарун, гьеб къавм Аллагьас цох1о къоялда жаниб хвезабун т1аг1изабула. Г1иса авараг, ва гьесул асх1абзаби маг1ардаса ракьалда лъугьиндал, гьезда цох1о рокьоб г1адаб бак1 батуларо яъжуж- маъжужазул мах1царал къаркъалаби гьеч1еб. Цингиги Г1иса аварагас Аллагьасда* جَلَّ جَلَالُهُ *гьарун, зодисан ч1ах1иял роржунел жал рач1ун, гьез раччун гьел къаркъалаби*

*кире арал лъаларого т1аг1изарула. Хадуб Аллагьас кутакаб ц1ад бан ракь чурила, ва г1емераб, баракат бугеб ах, хур-хер бижула.*
*Гьедин ниг1матазулъ, ва рах1аталда рук1адго Аллагьас цо берцинаб, тамахаб гьури бит1ун муъминзабазул рух1ал росула, ва ракьалда хут1ула квешаб, капураб къавм, бихьин х1амул г1адин ракьалда т1ад жал рортанхъулел, ва гьаб къавмалда т1ад къиямасеб къоги ч1ола»*-абун.

**160. Ягьудияз гьарурал зулмабазе г1оло дица гьезие х1арам гьаруна церекун х1алал гьарун рук1арал т1аг1амал, гьуинал ниг1матал. Гьез Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **диналдаса г1емерал г1адамал нахъч1ваялъе г1ологи.**

فَبِظُلۡمٖ مِّنَ ٱلَّذِينَ هَادُواْ حَرَّمۡنَا عَلَيۡهِمۡ
طَيِّبَٰتٍ أُحِلَّتۡ لَهُمۡ وَبِصَدِّهِمۡ عَن سَبِيلِ
ٱللَّهِ كَثِيرٗا ١٦٠

Гьаб сипат гьезие цебегосеб заманаялдаса бугеб буго. Гьез аварагзабиги ч1вана, Г1иса عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ аварагасдаги тушманлъи гьабуна, Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ аварагасда иман лъеялдасаги ягьудияз г1емер г1адамал нахъе ч1вана.

**161. Гьез риба босиялъе г1ологи, гьеб риба гьабугеян лъазабун бук1ун хадубги. Жидеца г1адамазул боц1и х1арамаб, бат1улаб нухалда кванаялъе г1ологи.** Х1акимзабаца рищват босун, гьеб рищват босизе ва кьезе гьоркьохъанлъи гьабун.

وَأَخۡذِهِمُ ٱلرِّبَوٰاْ وَقَدۡ نُهُواْ عَنۡهُ وَأَكۡلِهِمۡ
أَمۡوَٰلَ ٱلنَّاسِ بِٱلۡبَٰطِلِۚ وَأَعۡتَدۡنَا لِلۡكَٰفِرِينَ
مِنۡهُمۡ عَذَابًا أَلِيمٗا ١٦١

Дару-сабаб гьабула абун, женаз ккурав чи, сих1ро гьабурав чи сах гьавула абун г1адамал гуккун, жудер щибго гьунарги гьеч1ого г1адамазул боц1и босулел г1адамалги гьаб аятальул х1инкъи кьеялда гъорлъе ккола.

**Дица гьел ягьудиязул капурал г1адамазе ц1акъ жинца унтизе гьабулеб г1азаб х1адурун буго:** гьебги абадияб жужах1 буго.

**162. Кинниги гьел ягьудиязул жидеда г1елму бич1ч1арал дагьалго г1адамаз, ва Аллагьасда иман лъурал муъминзабазги, иман лъола дуда рещт1изабураб Къуръаналда, ва гьелда церехун Аллагьас решт1изарурал т1ахьазда. Жидеца х1укъукъал т1убан как балел муъминзаби, жидер боц1удаса закатги кьолел, ва Аллагьасдаги, ахир къиямасеб къоялдаги иманги лъолел,** гьал руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разиял г1адамл. **Дица**

لَّٰكِنِ ٱلرَّٰسِخُونَ فِي ٱلۡعِلۡمِ مِنۡهُمۡ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَ
يُؤۡمِنُونَ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡكَ وَمَآ أُنزِلَ مِن قَبۡلِكَۚ
وَٱلۡمُقِيمِينَ ٱلصَّلَوٰةَۚ وَٱلۡمُؤۡتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ
وَٱلۡمُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ أُوْلَٰٓئِكَ
سَنُؤۡتِيهِمۡ أَجۡرًا عَظِيمًا ١٦٢

**гьезие ахираталда ц1акъ к1удияб ажро кьела.** Алжанал кьела.

﴿۞ إِنَّآ أَوۡحَيۡنَآ إِلَيۡكَ كَمَآ أَوۡحَيۡنَآ إِلَىٰ نُوحٖ وَٱلنَّبِيِّـۧنَ مِنۢ بَعۡدِهِۦۚ وَأَوۡحَيۡنَآ إِلَىٰٓ إِبۡرَٰهِيمَ وَإِسۡمَٰعِيلَ وَإِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ وَٱلۡأَسۡبَاطِ وَعِيسَىٰ وَأَيُّوبَ وَيُونُسَ وَهَٰرُونَ وَسُلَيۡمَٰنَۚ وَءَاتَيۡنَا دَاوُۥدَ زَبُورٗا ١٦٣﴾

**163. Х1акълъунго дица дуда вах1ю гьабуна Мух1аммад** ﷺ, умматалда щвезабулеб дин. **Дица Нух1 аварагасда вах1ю гьабураб г1адин, гьесда хадуб цоги аварагзабаздаги вах1ю гьабураб г1адин. Гьединго дица вах1ю гьабуна Ибрагьим аварагасда, Исмаг1илида, Исх1акъида, ва Яг1къубида, ва гьев Яг1къубил лъималазул лъималаздаса ругел аварагзабаздаги. Г1иса аварагасдаги вах1ю гьабуна, Аюбида, Юнусида Гьарунида, Сулейманидаги вах1ю гьабуна. ва Давуд аварагасухье дица Забурги кьуна.**

Къуртlубияс абуна: «Давудихъе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ нусиялда к1икъоялда анц1го сурат кьуна. Гьел киналго ваг1за насих1атал рук1ана, шарг1иял х1укмаби рук1инч1о»- абун.

Хириял аварагзаби рехсолаго Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Мух1аммад ﷺ аварагасул бищун цебе бицана, жиндир авараглъун вит1и ахиралда бугониги, гьев Мух1аммад ﷺ киназдасаго хирияв вук1иналда ишара гьабун. Хадуб Нух1 аварагасул бицана, гьев т1оцевесев расул вугелъул, ва Адам аварагасда хадусеб къавмалъул эменги вугелъул (т1упан т1ун хадуб бугеб къавмалъул). Цинги Ибрагьим аварагасул бицана гьев умматалъул лъабабилев эмен вугелъул, ва киналго хадусел аварагзабиги гьесул наслоялдаса ругелъул.

﴿وَرُسُلٗا قَدۡ قَصَصۡنَٰهُمۡ عَلَيۡكَ مِن قَبۡلُ وَرُسُلٗا لَّمۡ نَقۡصُصۡهُمۡ عَلَيۡكَۚ وَكَلَّمَ ٱللَّهُ مُوسَىٰ تَكۡلِيمٗا ١٦٤﴾

**164. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дуда жидер къисса бицарал аварагзаби рит1ана гьезул умматазда, ва къавмазда, ва дуда жидер къисса бицинч1ел, дуда лъаларел аварагзабиги рит1ана. Ва Аллагьас Муса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасда каламги гьабуна к1алъаялдалъун:** Мусада жиб раг1улеб, ва бич1ч1улеб калам гьабуна. Гьедин бугелъул Муса аварагасда Калимуллагь абула: жинда Аллагь к1алъарав абураб маг1на буго гьеб раг1иялъул.

Ибнухат1ибица жиндир тафсиралда абуна. Т1адег1анав Аллагь Муса аварагасда к1алъана нилъеда кин абун бицине лъалареб, ва жиндие сифат гьабизе лъалареб к1алъаялъ. Нилъеда рекъараб гьеч1о гьелъул х1акъикъат ц1ехезе. Аллагь Мусада к1алъана, ва Мусада к1алъай раг1ана»-абун.

Масала инсанасе роххел щола, лазат щола, амма гьеб раг1абаздалъун бицизе лъалеб бук1уларо. Гьадин иман лъун, божун, кин, щиб абун ц1ехеч1ого тезе рекъола гьаб масъала, ва гьалда релълъарал масъалабиги.

رُّسُلًا مُّبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَى ٱللَّهِ حُجَّةُۢ بَعۡدَ ٱلرُّسُلِۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمٗا ١٦٥

165. **Аварагзабилъун рит1ана** гьал цере ц1арал рехсаралги, ва рехсеч1елги, **жидеца иман лъурал г1адамазда алжаналдалъун рохел бицунеллъун, ва иман лъезе ч1ух1арал, ширк гьабурал г1адамазе жужах1алъул г1азабалдалъун х1инкъи кьолеллъунги.** Къиямасеб къоялъ т1аде рахъизарун х1исаб-мизан гьабизе щцере ч1езарураб мехалъ **г1адамазе рес гьеч1ого бук1ине, гьал аварагзаби жидехъ рач1ун хадуб Аллагьасда аск1об жидеца г1узро бачине:** «нижехъ авараг вит1ун вук1аравани нижеца иман лъезе бук1анаян»– абун. Гьединго капураб къавмалдаги абизе: «Дица нужехъе аварагзабиги рит1ана, т1ахьалги решт1изаруна» – абун, ва гьезие г1азаб гьабиги х1акълъизе.

**Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир мулкалъулъ гуч бергьарав вуго, ва жиндир пишабазулъ х1акимияв, г1акъилав вуго.**

لَّٰكِنِ ٱللَّهُ يَشۡهَدُ بِمَآ أَنزَلَ إِلَيۡكَۖ أَنزَلَهُۥ بِعِلۡمِهِۦۖ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ يَشۡهَدُونَۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًا ١٦٦

166. **Дуда инкар ккурал г1адамаз дур авараглъи рит1ухъ гьабич1огоян абун дуе къварилъи ккоге Мух1аммад** ﷺ**. Аллагь вуго жинца нуг1лъи гьабулев дуда решт1изабураб Къуръан х1акъаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам бук1иналъе. Гьеб Къуръан Аллагьас жиндаго хасаб г1илмуялдалъун решт1изабуна:** дуе муг1жизатлъун, жинда релълъараб инсанасда гьабизе к1олареблъун.

**Гьединго малаикзабиги руго жидеца нуг1лъи гьабулел мун Аллагьасул расул вук1иналда, ва духъе Къуръан решт1изабиялда. Цох1о Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ г1ун вуго дуе жинца нуг1лъи гьабулевлъун.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ قَدۡ ضَلُّواْ ضَلَٰلَۢا بَعِيدًا ١٦٧

167. **Х1акълъунго Аллагьасда, ва гьесул аварагасда инкар ккурал г1адамал, цинги иман лъеялдаса цогидал г1адамалги нахъч1варал,- гьал капурзаби ц1акъ рик1к1адаб къосиналдалъун къосарал г1адамал руго:**

Гьез инкар ккун бугелъул, ва цогидалги къосизарун ругелъул, гьаб

ц1акъ к1удияб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъи буго.

**168. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, цинги жидеца зулмуги гьабурал г1адамал:** мунагьал гьарун, авараг рит1ухъ гьавич1ого, г1адамаздаса х1акъаб жо бахчун. **Аллагьас гьал г1адамазул мунагьал чуруларо, ва гьел бит1араб нухдаги т1орит1уларо.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَظَلَمُوا۟ لَمْ يَكُنِ ٱللَّهُ لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ طَرِيقًا ﴿١٦٨﴾

169. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел капурал г1адамал **жужах1алъул нухда гурони т1орит1уларо. Даимго гьенир жанир рук1инелъун лъугьизарула жужах1алда. Гьаб ишги Т1адег1анав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ц1акъ бигьаяб жо буго.**

إِلَّا طَرِيقَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرًا ﴿١٦٩﴾

**170. Я гьал г1адамал! Х1акълъунго Нужехъе Аллагьасул расул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вач1ун вуго х1акъаб динги босун, нужер Бет1ергьанасул рахъалъан бугеб гьеб дин. Нужеца гьев расуласда иман лъе, гьеб нужее лъик1аб бук1ине буго. Нужеца иман лъеч1ого инкар ккуни, х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобал ракьазул, ва гьениб жаниб бугеб кинабго жоялъул ханлъи.**
Нужер инкаралъ Аллагьасе щибго зарал гьабуларо.
**Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда кинабго жо лъалев, кинабго х1укму г1акъилго, жинда жаниб х1икмат бугеб х1алалъ гьабулев вуго.** Лъик1лъи гьабуразул ажро г1адада хвезабуларев вуго, квешлъи гьабуразе жазаъ гьабиги нахъ бахъун толев вуго гьез тавбо гьабизе бокьун ва гьезда гурх1ун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَكُمُ ٱلرَّسُولُ بِٱلْحَقِّ مِن رَّبِّكُمْ فَـَٔامِنُوا۟ خَيْرًا لَّكُمْ ۚ وَإِن تَكْفُرُوا۟ فَإِنَّ لِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١٧٠﴾

**171. Я гьал китабиял! Нужеца диналъулъ г1орхъолъан борч1араб жо гьабуге.** Ягьудияз Г1исал عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ х1акъалъулъ зинадул лъимер буго абураб г1адин насранияз Г1иса Аллагьасул вас вуго абураб г1адин. **Ва нужеца Аллагьасул х1акъалъулъги бит1араб жо гурого абуге:** хъизан-лъимал руго абуге, г1ахьалчи вуго абуге. Жив цогояв, т1адег1анав къадро гуч бергьарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абе. **Х1акълъунго Марьямил вас Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул расул вуго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малаикзабазул**

يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لَا تَغْلُوا۟ فِى دِينِكُمْ وَلَا تَقُولُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْحَقَّ ۚ إِنَّمَا ٱلْمَسِيحُ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ رَسُولُ ٱللَّهِ وَكَلِمَتُهُۥٓ أَلْقَىٰهَآ إِلَىٰ مَرْيَمَ وَرُوحٌ مِّنْهُ ۖ فَـَٔامِنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ ۖ وَلَا تَقُولُوا۟ ثَلَٰثَةٌ ۚ ٱنتَهُوا۟ خَيْرًا لَّكُمْ ۚ إِنَّمَا ٱللَّهُ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ ۖ سُبْحَٰنَهُۥٓ أَن يَكُونَ لَهُۥ وَلَدٌ ۘ لَّهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ وَكِيلًا ﴿١٧١﴾

**мацӀалдалъун Марьямида бицараб рохелги вуго гьев ГӀиса**: гьез абун букӀана: дуе рохел бицунеб буго Аллагьас цохӀо жиндир «кун» абураб каламалдалъун дуца авараг гьавизе вуго абун.

**Аллагьас Жабраил малаик виччан Марьямил чорхолъе баччараб, пураб рухӀги вуго гьев ГӀиса.** Цоги магӀна гьабуна: Аллагьасул къуват, ва рахӀмат буго гьев ГӀиса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг жинда нахърилълъарал гӀадамазе. Цоги магӀна гьабуна: Аллагьас рухӀ лъурав вуго ГӀиса авараг. Насранияз абухъе Аллагь гьечӀо, Аллагьасул васги гьечӀо.

Гьаб иш гьадин бугелъул: **нужеца иман лъе Аллагьасдаги гьесул аварагзабаздаги. Нужеца абуге Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лъабго вуго абун.** Насраниязул цо къокъаялъ абула: Аллагьги, ГӀисаги, Марьямги цадахъго Аллагь вуго абун. Цоги къокъаялъ абула: эменги васги рухӀги цадахъ бугеб жо буго Аллагь абун. **Нуж Гьаб гьереси бициналдаса руса гьеб нужее лъикӀ букӀина.**

**ХӀакълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жив цогояв, цоги Аллагь гьечӀев вуго:** гьесие гӀахьалчиги гьечӀо, лъимерги гьечӀо. **Жив вацӀадав вуго Аллагь жиндие лъимер букӀиналдаса. Аллагьасул мулк буго кинабго зобал- ракьазда жаниб бугеб махлукъат. ТӀадегӀанав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гӀурав вуго гьаб кинабго махлукъалъул тадбир гьабизе.** Гьесие щивго кумек чи, гӀакъло чи, къуват, къадро бугев чи къваригӀунаро. Аллагь щибго жоялда хӀажатав гьечӀо, кинабго жо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ хӀажатаб буго.

**172. ГӀиса авараг чӀухӀарав гьечӀо, ва Аллагьасул лагълъун вукӀине бокьуларев гьечӀо. Гьединго Аллагьас жинда гӀагар гьарурал малаикзабиги чӀухӀуларо Аллагьасул лагъзаллъун рукӀине.**

لَّن يَسْتَنكِفَ ٱلْمَسِيحُ أَن يَكُونَ عَبْدًا لِّلَّهِ وَلَا ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ ٱلْمُقَرَّبُونَ ۚ وَمَن يَسْتَنكِفْ عَنْ عِبَادَتِهِۦ وَيَسْتَكْبِرْ فَسَيَحْشُرُهُمْ إِلَيْهِ جَمِيعًا ﴿١٧٢﴾

Нужеца алагьлъун ккун жидее лагълъи гьабулел ГӀиса авараг, ва малаикзаби Аллагьасул лагъзаллъун рукӀине чӀухӀичӀеб мехалъ нуж кинха чӀухӀулел Аллагьасда мутӀигӀлъизе, ва гьесул аварагасда нахърилълъине?

**Ва щивчи вукӀаниги гьав Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гӀибадат гьабизе чӀухӀарав, ва живго жиндие цӀакъ кӀудиявлъун вихьун гӀамал кӀодолъарав, Аллагьас гьел киналго къиямасеб къоялъ тӀаде рахъизаризе руго хӀисаб-мизан гьабизе.** Цинги гьезда лъазе буго кинаб гӀазаб жидее букӀунеблъи.

**173. Амма жидеца Аллагьасда, ва гьесул аварагзабазда иман лъун**

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ

فَيُوَفِّيهِمْ أُجُورَهُمْ وَيَزِيدُهُم مِّن
فَضْلِهِۦ ۖ وَأَمَّا ٱلَّذِينَ ٱسْتَنكَفُوا۟
وَٱسْتَكْبَرُوا۟ فَيُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا
وَلَا يَجِدُونَ لَهُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ وَلِيًّا
وَلَا نَصِيرًا ﴿١٧٣﴾

**т1аг1ат-г1ибадат бац1ад гьабун лъик1аб г1амалалда хьвадарал г1адамазе Аллагьас ажро т1убазабула, ва жегиги ц1ик1к1изабула жиндир ц1обалдалъун, ва сахаватлъиялдалъун. Ва амма жал ч1ух1арал, жудеца г1амал к1одолъи гьабурал, ва Аллагьасда инкар ккун ч1арал г1адамазе Аллагьас ц1акъ гучаб жинца унтизабулеб г1азаб гьабула, ва гьезие щивго вук1уларо жинца гьеб г1азаб т1аса босулев, нахъч1валев, Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **цеве шапаг1ат гьабизе вахъулев чи.**

Ибнухат1ибица абуна: «Гьездаса г1азаб нахъч1вазе к1олев валиги вук1унаро, гьел г1азабалдаса ц1унизе к1олев нассирги вук1уларо»-абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَكُم بُرْهَٰنٌ مِّن رَّبِّكُمْ
وَأَنزَلْنَآ إِلَيْكُمْ نُورًا مُّبِينًا ﴿١٧٤﴾

**174. Я гьал г1адамал! Нужехъе Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан х1акъаб х1ужа бач1ун буго:** гьев Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вуго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие муг1жизатал кьун гуч гьавурав. **Ва нужеда дица баянаб нур решт1изабуна:** гьебги Къуръан буго, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасе бищун к1удияб муг1жизатлъун бугеб, **ва нужее х1акъабги бат1улабги жо жинца бат1а гьабулеб гвангъараб чирахълъунги бугеб.**

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِٱللَّهِ وَٱعْتَصَمُوا۟ بِهِۦ
فَسَيُدْخِلُهُمْ فِى رَحْمَةٍ مِّنْهُ وَفَضْلٍ
وَيَهْدِيهِمْ إِلَيْهِ صِرَٰطًا مُّسْتَقِيمًا ﴿١٧٥﴾

**175. Амма жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьаб Къуръанги жидее т1орит1еллъун ккун хьвадарал г1адамал, Аллагьас ахираталда гьал г1адамал жиндир рах1маталъулъ ва сахавалъиялъулъ лъугьизарула: даимго жанир рук1унеб ниг1матазул, ва рах1ат, лазатазул рукълъун бугеб алжаналъур лъугьизарула.**

**Дунялалъул рокъор иман-исламалда т1орит1ун, т1аг1ат-г1ибадат гьабизе тавфикъ гьабун, ахираталда алжаналда унеб бит1араб нухдаги т1орит1ила.**

يَسْتَفْتُونَكَ قُلِ ٱللَّهُ يُفْتِيكُمْ فِى ٱلْكَلَٰلَةِ ۚ
إِنِ ٱمْرُؤٌا۟ هَلَكَ لَيْسَ لَهُۥ وَلَدٌ وَلَهُۥٓ أُخْتٌ

**176. Дудаса х1укму бицин т1алаб гьабулеб буго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, хварав чиясул эбел-именги, лъималги

فَلَهَا نِصْفُ مَا تَرَكَ ۚ وَهُوَ يَرِثُهَا إِن لَّمْ يَكُن
لَّهَا وَلَدٌ ۚ فَإِن كَانَتَا اثْنَتَيْنِ فَلَهُمَا الثُّلُثَانِ
مِمَّا تَرَكَ ۚ وَإِن كَانُوا إِخْوَةً رِّجَالًا وَنِسَاءً
فَلِلذَّكَرِ مِثْلُ حَظِّ الْأُنثَيَيْنِ ۗ يُبَيِّنُ اللَّهُ لَكُمْ
أَن تَضِلُّوا ۗ وَاللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿١٧٦﴾

нахъе гьеч1они, гьесул ирс лъица босулеб абун. **Дуца абе Мух1аммад ﷺ, нужее х1укму Аллагьас бицизе буго абун.** Гьеб х1укмуги: **цо чи хвани ва гьесул лъимерги гьеч1они, гьесул яц йигони, жинца нахъе тараб малалъул бащдаб гьей яццалъе кьела. Вацас яцалъул кинабго ирсги босула гьей яцалъул лъимер гьеч1они. Хварав чиясул к1иго яц ятани, гьей к1иго яцалъе вацас нахъе тараб малалъул лъабго бут1а гьабун к1иго бут1а кьола. Хварасул вацалги яцалги ругони, гьезие жиндир боц1и-мал бикьула бихьиназе к1иго бут1а, руччабазе цо бут1а кьун.**

**Аллагьас нужее гьаб х1укму баян гьабулеб буго ва цогидал кивалго шарг1иял ах1камалги Аллагьас جل جلاله баян гьарула, нуж къосич1ого рук1ине ирс бикьулеб мехалъ, ва цогидаб г1амал гьабулеб мехалъ. Х1акълъунго Аллагь جل جلاله жинда кинабго жо лъалев вуго.** Жиндир лагъзадерие маслах1ат бугеб х1укму гьабулев вуго, ва жидее дунял ахираталда мунпаг1ат бугеб жо гьабиялда г1адамал т1орит1улев вуго.

Аллагьас جل جلاله нильги х1акъаб нухда т1орит1араздасан гьареги.

Амин!

Т1адег1анав Аллагьасул тавфикъалдалъун «сурату Ннисаалъул» тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго реццги Т1адег1анав Аллагьасе جل جلاله буго.

# 5. Суратул Маидат

سُورَةُ المَائِدَة

*Мадинаялда рещт1изабураб, жинда жаниб нусиялда къого аят бугеб.*

*Гьаб суратги, цогидал Мадинаялда рещт1изарурал суратазда релъльун, жиб халатаб ва жинда жанир шарг1иял х1укмаби рицараб сурат буго. Гьединго китабияб агьлуялъул къисаби ва жидеда рек1ел ч1ейи гьабизе кколел Аллагь цо гьавиялъул г1акъидаби рицунеб буго. Гьаб сурат ахиралда рещт1араб ва жинда жаниб цониги насхо (х1укму хвезабураб аят) гьеч1еб бугилан абуна Абумайсаратица.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагХ1удайбияталъул сулх1 гьабун т1ад вуссараб мехалъ (гьижраялъул анкьабилеб сон) рещт1изабураб сурат буго гьаб абуна Мух1аммадг1али Сабунияс. Гьеб заман бук1ана исламияб началихъ г1уц1улеб ва гьеб г1уц1иялъе х1акъаб, илагьияб нух къвариг1араб, жиб щулаго ч1олеб х1алалъ ва даимго бук1унеб х1алалъги г1уц1ц1изе.*

*Гьаб хирияб сураталъ жидер бицен гьабурал ах1камаздаса руго: цоцазе къот1и гьабиялъул ва Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб къот1и гьабиялъул. Чан гьабиялъул ва х1айванал хъвеялъул. Х1аж бухьиналъул, китабиял руччаби рачиналъул, муртадлъиялъул, какие чури ва таямун гьабиялъул, ц1огь гьабурал, гъачагълъи ва пасалъи гьабурал г1адамазе бугеб х1укму ва х1ад.*

*Т1убанго мехтулеб жо ва гьоркьоб жо лъун х1алел х1аял х1арам гьари, гьа гьедун хадуб гьа хвезабураз бахъулеб капарат, Макка х1арамалда чан ч1ваялъул х1укму, сапаралда вук1ун хвел т1аде щвараб мехалъ васият гьаби. Ягьудияз жидер алагьазабазе х1айванал назру гьари, Аллагьасул ﷻ шарг1алдалъун х1укму гьабуларел г1адамазе бугеб х1укму ва цогиги ах1камал руго гьаб сураталда жанир.*

*Гьал шарг1иял х1укмабигун цадахъ ваг1за-насих1ат гьабун цо-цо къисабиги рицун руго Аллагьас ﷻ. Хасго к1вар бугеб къиса буго ягьудиязул ц1акъго къосараб, т1ураараб къавмалъ Муса عَلَيْهِ السَّلَام аварагасда: «Мун ва дур Аллагь а тущбабигун рагъизе»-абураб г1ужги, хадуб гьезде бач1араб къварилъиги бицараб. Хадуб Адамил عَلَيْهِ السَّلَام к1иго васасул къиса буго: Къабилица жиндир вац Гьабил ч1ван ракьалда т1ад т1оцебе би г1одоб т1ей, щибго г1айибго гьеч1ого, лъик1лъиги квешлъиги кин цоцалъ къацандулебали нилъе баян гьабулеб.*

*Аллагьасул салам лъеяв Г1иса аварагасе зодисан квен рещт1иналъул къиса, гьаб сураталда «маидат» абун ц1ар лъеялъе сабаблъун жиб бугеб. Ягьудиял ва насраниял к1иялго мекъаб иг1тикъаталда рук1иналда цадахъ гьел цоцалъ къацандиялъул ва гьезул к1удиял мунагьазул бицунеб къисаги. Кин гьез Инжил, Таврат хисизабураб, Аллагьасулгун جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб къот1и хвезаби ва Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасул сипатал рахчун, гьесда инкар ккун, гьесда нахърилъине г1адамалги гьукъун жал хьвадиги бицараб. Сураталъул ахиралда Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг къиямасеб къоялъ Аллагьасда цеве ч1езавун, гьесулгун бук1унеб суал-жавабги бицун буго; Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущбаби г1одорег1ан гьарулеб ва муъминзабаз жиндаса ваг1заги босулеб.*

*Гьаб сураталъул хиралъи бицун жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Г1ассидаса х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьаб сурат рещт1изабуна гьев рек1унеб жоялда (вараниялда) рек1ун вук1адго. Жинда гьаб сураталъул бак1лъи баччизе к1веч1ого, авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жив т1ад рек1ун вук1араб х1айваналдаса г1одове рещт1ана»- абун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَوْفُوا۟ بِٱلْعُقُودِ ۚ أُحِلَّتْ لَكُم بَهِيمَةُ ٱلْأَنْعَٰمِ إِلَّا مَا يُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ غَيْرَ مُحِلِّى ٱلصَّيْدِ وَأَنتُمْ حُرُمٌ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ يَحْكُمُ مَا يُرِيدُ ﴿١﴾

**1. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца гьарурал къот1аби т1уразаре.**

Къот1и гьаби абула к1иго чияс, я г1емерал г1адамаз гьел цоцазда рекъарал шурут1аздалъун цо щиб бугониги жо т1аде босиялда. Къот1и Аллагьасдаги лагъзадеридаги гьоркьобги бук1уна.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Аллагьасулгун جَلَّ جَلَالُهُ ругел къот1аби руго хирияб Къуръаналда жаниб бугеб кинабго шариг1ат: х1алалалаб жо х1алал гьаби, х1арамаб жо х1арам гьаби, паризаял жал (как, к1ал, закат, х1аж, жигьад, хварав чи вукъи ва цогидалги) т1убай. Аллагьас гьабе абун амру гьабураб жо гьаби, Аллагьас те абун нагью гьабураб жо тей. Г1адамазулгун гьарулел къот1абиги шарг1алда рекъон гьаризе т1адаб буго, гьедин гьабич1еб къот1и биххизабизе ккола ва т1убазабизе кколаро.

Ибну Хат1ибица абуна: «Къот1и абула к1игоязда, яги г1емеразда гьоркьоб ккараб, гьел жинда рекъараб х1укмуялда, гьеб х1укму хъван бугониги хъвач1ого бугониги. Ригьин гьабиги къот1и буго. Гьеб

т1убазабиги цоцаздехун берцинаб гьудул-гьалмагълъи гьаби буго, цоцазе зарал бугеб жо гьабунгут1и буго. Даран гьабиги къот1и буго. Гьеб т1убазабиги цояз цоял гуккунгут1и буго ва берцинаб г1амал гьабун к1иязулго мурад т1убай буго.

Къот1и гьаби, кинаб бугониги, щиб жоялдалъун бугониги, жиб т1убазе ва раг1алде бахъине кколеб жо буго. Гьаб къот1и гьабиялъул ва т1убазабиялъул бах1с бук1ине буго Суратул Анфалалъул (72) аяталдаги.

**Нужее х1алал гьабун буго киналго рукъалъул х1айваназул гьан кваназе.**(варанаби, ч1ег1ер боц1и, г1иял, ц1ани). Гьединго г1алхул х1айваназул гьан кваназеги, **Аллагьас** ﷻ **х1арамаб буго абун нужеда лъазабун аят рещт1араб жо хут1изег1ан. Ва нужеца х1еж ва г1умра бухьун бугеб мехалъ чан гьабиги х1алал гьабизе бегьуларо.** Гьеб мехалъ чан гьаби х1арамаб буго Макка х1арамалда бугониги цогидаб бак1алда бугониги. **Х1акълъунго Аллагь** ﷻ **жиндие бокьараб х1укму гьабулев вуго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تُحِلُّواْ شَعَٰٓئِرَ ٱللَّهِ
وَلَا ٱلشَّهۡرَ ٱلۡحَرَامَ وَلَا ٱلۡهَدۡيَ وَلَا ٱلۡقَلَٰٓئِدَ
وَلَآ ءَآمِّينَ ٱلۡبَيۡتَ ٱلۡحَرَامَ يَبۡتَغُونَ فَضۡلٗا مِّن رَّبِّهِمۡ
وَرِضۡوَٰنٗاۚ وَإِذَا حَلَلۡتُمۡ فَٱصۡطَادُواْۚ وَلَا يَجۡرِمَنَّكُمۡ
شَنَـَٔانُ قَوۡمٍ أَن صَدُّوكُمۡ عَنِ ٱلۡمَسۡجِدِ ٱلۡحَرَامِ
أَن تَعۡتَدُواْۘ وَتَعَاوَنُواْ عَلَى ٱلۡبِرِّ وَٱلتَّقۡوَىٰۖ
وَلَا تَعَاوَنُواْ عَلَى ٱلۡإِثۡمِ وَٱلۡعُدۡوَٰنِۚ وَٱتَّقُواْ
ٱللَّهَۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ٢

**2. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца Аллагьас х1арам гьабурал жал х1алал гьаруге.**
Шарг1алъул г1орхъаби хвезе гьаруге. **Х1еж ва г1умра бухьараб мехалъ х1арамлъулел жалги х1алал гьаруге. Жиндилъ рагъ х1арам гьабураб моц1алъул х1урматги хвезабуге.** Гьеб моц1алъ рагъ гьабуге. **Маккаялда садакъаялъе унеб боц1иги, Каг1барукъалъе сайгъатлъун бит1улеб, нужее х1алал гьабуге,** гьеб г1адада хвезабуге, гьелъие зарал гьабуге. **Гьединго зарал гьабуге х1еж гьабизе абун Каг1ба рукъалде унел г1адамазеги,** гьел нухдасан нахъч1ваге, гьезие гъара гьабуге. **Гьел руго Аллагь** ﷻ **разилъи т1алаб гьабун къват1ире рахъарал г1адамал, жидее Аллагьасул ц1об-рах1мат щвеялда хьулги бугел. Х1еж т1убан хадуб, х1еж бичараб мехалъ нужеца чан гьабе.**

**Нуж Каг1ба рукъалде ва Масжидул х1арамалде щвезе риччач1ого нужее къварилъи гьабулел рук1арал г1адамазда ццин бахъун, гьезие зарал гьабизеги ургъуге нуж.** Гьаб раг1и абуна мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва асх1абзаби нахъч1ван рук1иналъ гьижраялъул анкьабилеб соналъ Маккаялде риччач1ого.

Гьаб нахъч1вай сабаблъун нужеца хадусеб мехалъ Маккаялъул агьлуялъе зарал гьабуге абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул.

**Ва нужеца лъик1лъи гьабизе ва Аллагьасе г1ибадат гьабизе цоцазе квербакъе ва кумек гьабе. Нужеца мунагьал гьаризе ва цоцазда зулму ва тущманлъи гьабизе квербакъуге.** Гьединал г1адамалгун цадахъ лъугьунге, гьелги квешлъиялдаса нахъч1вае, нужер х1ал к1олеб бугони. **Нуж Аллагьасдаса х1инкъа** ва кидаго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, гьесул ццин бахъиналдаса х1инкъун хьваде. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда инкар ккурал ва жиндир амруялда г1ассилъарал г1адамазе ц1акъ гучаб г1акъуба- г1азаб гьабулев вуго.**

حُرِّمَتۡ عَلَيۡكُمُ ٱلۡمَيۡتَةُ وَٱلدَّمُ وَلَحۡمُ ٱلۡخِنزِيرِ وَمَآ أُهِلَّ
لِغَيۡرِ ٱللَّهِ بِهِۦ وَٱلۡمُنۡخَنِقَةُ وَٱلۡمَوۡقُوذَةُ وَٱلۡمُتَرَدِّيَةُ
وَٱلنَّطِيحَةُ وَمَآ أَكَلَ ٱلسَّبُعُ إِلَّا مَا ذَكَّيۡتُمۡ
وَمَا ذُبِحَ عَلَى ٱلنُّصُبِ وَأَن تَسۡتَقۡسِمُواْ بِٱلۡأَزۡلَٰمِۚ
ذَٰلِكُمۡ فِسۡقٌۗ ٱلۡيَوۡمَ يَئِسَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِن
دِينِكُمۡ فَلَا تَخۡشَوۡهُمۡ وَٱخۡشَوۡنِۚ ٱلۡيَوۡمَ أَكۡمَلۡتُ
لَكُمۡ دِينَكُمۡ وَأَتۡمَمۡتُ عَلَيۡكُمۡ نِعۡمَتِي وَرَضِيتُ
لَكُمُ ٱلۡإِسۡلَٰمَ دِينٗاۚ فَمَنِ ٱضۡطُرَّ فِي مَخۡمَصَةٍ
غَيۡرَ مُتَجَانِفٖ لِّإِثۡمٖ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٣

3. **Нужее кваназе х1арам гьабун буго жибго хвараб жо** (капурго хвараб, унтун хвараб) **ва биги х1арам гьабун буго, болъонил гьанги х1арам гьабун буго. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1ар рехсеч1ого,** хъанчалъул, ханасул ц1ар рехсон **хъураб жоги х1арам гьабун буго. Гьединго х1арам гьабун буго гъанкъун хвараб, кьабун, бухун хвезабураб, борхалъудаса бортун, гебегун хвараб, цояб х1айван цогидалда багъун хвезабураб. Г1алхул х1айваназ т1асса гьан кванараб, гьез хвезабураб жоги х1арам гьабун буго.**

Гьал рехсарал х1айванал жидеда ругъун щун, жал унтизе гьарун рук1ун хадуб нужеца **шарг1алда рекъон хъуни, цинги нужее гьезул гьан кваназе х1алаллъула. Хъанчазда, заназда т1ад лъун, гьезда аск1оре рачун гьел хъанчал ва занал к1одо гьарун хъурал жалги х1арам гьаруна нужее.** Жагьилал г1арабиязул г1адат бук1ана каг1ба рукъалда сверухъ занал рахъун ч1езарун, гьезда аск1ор гьел к1одо гьарун х1айванал хъолеб ва гьеб гьан заназда т1ад т1ибит1улеб. Гьадинаб ах1макъаб ва ширк жиндилъ бугеб жо гьабиялдаса нахъч1ван абуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб раг1и.

**Нужеца ч1ораздалъун пал т1амизеги х1арам гьабуна Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ**. Гьеб жо пискъу ва куфру буго.** Нуж балъгояб жо лъаялде раккулел ругелъул, гьеб балъгояб жо лъай Аллагьас жиндие хасс гьабураб сипат буго.

Г1арабиязул г1адат бук1ана цо к1вар бугеб амру гьабизе бокьараб

мехалъ лъабго ч1орги босун цоялда хъвалаан: «Дида дир Бет1ергьанас гьабе абуна»- абун. Цогидалда хъвалаан: «Дида дир Бет1ергьанас гьабуге абуна»- абун. Лъабабилелда хъвалаан: «Гъапулаб»- абун. Цинги гьел ч1оралги цо т1аг1елалъур лъун, гьенисан цояб къват1ибе бахъулаан. «Гьабе»- абураб ч1ор бач1ани, жидее гьабизе бокьун бук1араб иш гьабулаан. «Гьабуге»- абураб ч1ор бач1ани, гьеб иш гьабич1ого толаан. «Гъапулаб»- абун т1ад хъвараб ч1ор бач1ани, гьеб т1аг1елалда жанибеги рехун цогидаб ч1ор босулаан. Аллагьас абулеб буго гьаб амру пискъу ва куфру бугин, гьаб иш гьабуге абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна «Гьеб жо пискъу буго»-абураб Аллагьасул раг1и ч1ораздалъун пал т1амиялде буссараб раг1и буго абун. Ибнухат1ибица, Т1абарияс ва цогидазги абуна гьеб раг1и церехун рицарал киналго мунагьазде буссараб раг1и бугин абун.

**Жакъа Аллагьасде инкар ккурал чаг1азул хьул къот1ана нужер дин нахъ ч1вазе к1веялдаса, я гьал муъминзаби! Нуж гьел капурзабаздаса х1инкъуге, нуж цох1о дидаса х1инкъа. Жакъа дица нужее нужер дин т1убазабуна** (камил гьабуна), нужее кинабго шариг1ат баян гьабуна, х1алалаб-х1арамаб жо бицана. **Ва нужее дир ниг1матги т1убазабуна:** нуж бит1араб исламияб диналда т1орит1ун, гьелда ч1езе тавпикь гьабун, тущбаби нужедаса хьул къот1араллъун гьарун.

**Нужее динлъун бук1ине дун разиябги исламияб дин буго.** Гьаб исламияб дин гуреб цогидаб дин Аллагьас ﷻ къабул гьабуларо ва гьав Мух1аммад ﷺ авараг вит1ун, гьасул даг1ват ракьалда т1ибит1ун хадуб, исламияб дин гуреб цоги дин гьабулел г1адамал жужах1алде унел г1адамал руго.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас абуна: *«Валагьи, дида лъала гьаб аят жинда свалат салам лъеяв аварагасде рещт1ине гьабураб къо ва саг1ат. Гьеб бук1ана г1арапа къо, рузман къоги бук1ана, бакъанил г1ужги бук1ана»* – абун. Х1адис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Цо ягьудияв Г1умар асх1абасухъе вач1ун, гьес абуна: «Я Амирул муъминин! Гьаб нужер Къуръаналда жаниб бугеб, нужеца жиб ц1алулеб аят нижеда, ягьудиязда рещт1изабун бук1арабани, нижеца гьеб къо г1идлъун ккелаан»- абун. Гьеб аят буго: «Жакъа дица нужее нужер дин т1убазабуна»- абураб раг1и жаниб бугеб гьаб аят. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас гьев ягьудиясда абуна: «Гьеб къо нижее к1иго нухалъ г1ид буго, г1арапа къоги буго гьеб, рузман къоги буго» – абун.

**Ц1акъго вакъун вук1ун,** х1алалаб жо кванaзе щвеч1ого, жиндир рух1 хвасарлъизе сабаблъун бук1ине **х1арамаб жо кванарав чи, гьеб жо г1емерги кваначlев, х1алал гьабунги кваначlев, гьев чиясдаса Аллагь ﷻ т1аса лъугьуна.** Шарг1алъул къаг1ида буго чара т1аг1араб, рес къот1араб х1алалде ккараб мехалъ х1арамаблъун бугеб цо-цо жо х1алал гьабулеб. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь ﷻ жинца мунагьал рахчулев, жив гурх1улев вуго.**

يَسْـَٔلُونَكَ مَاذَآ أُحِلَّ لَهُمْۖ قُلْ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُ وَمَا عَلَّمْتُم مِّنَ ٱلْجَوَارِحِ مُكَلِّبِينَ تُعَلِّمُونَهُنَّ مِمَّا عَلَّمَكُمُ ٱللَّهُۖ فَكُلُواْ مِمَّآ أَمْسَكْنَ عَلَيْكُمْ وَٱذْكُرُواْ ٱسْمَ ٱللَّهِ عَلَيْهِۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٤﴾

4. **Муъминзабаца дуда гьикъулеб буго Мух1аммад ﷺ, жидее щиб жо х1алал гьабун бугеб абун. Дуца гьезда абе: Аллагьас ﷻ нужее х1алал гьабун буго кинабго бац1ц1адаб, лъик1аб ниг1мат,** нужее жиб кванаялъулъ мунпаг1ат бугеб. **Ва гьединго нужее х1алал гьабун буго нужеца чан гьабизе ругьун гьарурал х1айваназ нужее ккураб чанги. Гьеб чан гьабизе х1айванал куци ва ругьун гьари Аллагьас нужее кьураб цо г1елму буго. Нужеца кванае гьел х1айваназ нужее ккураб чан ва нужеца Аллагьасул ц1арги рехсе чан гьабизе х1айван бит1улеб мехалъ. Нуж киналго умуразулъ Аллагьасдаса ﷻ х1инкъа, х1акълъунго Аллагь жинца х1исаб ц1акъ хехго гьабулев вуго** ва гьесул х1исаб-мизаналдаса щибго жо борч1изе гьеч1о.

Х1айваназдалъун чан гьаби шарг1алда х1алал гьабураб жо буго. Гьедин чан гьабиялъе ункъго шарт1 бицун буго.

<u>Т1оцебесеб шарт1 буго:</u> жинца чан гьабулеб х1айван бук1ин. Чан гьабулеб х1айван: гьве, ц1ум, лачен (сокол), леопард ва цогидалги руго.

<u>К1иабилеб шарт1 буго:</u> гьел х1айванал жидеда малъараб х1алалъ чан гьабулел рук1ин. гьел жидеда малъараб х1алалъ чан гьабулел рук1ин лъала, жиб бет1ергьанчияс биччараб мехалъ гьеб унеб бук1иналдалъун, ч1езабураб мехалъ ч1олеб бук1иналдалъун.

<u>Лъабабилеб шарт1 буго:</u> чан гьабулеб х1айваналъ жинца ккураб чаналдаса щибго гьан кванангут1и.

<u>Ункъабилеб шарт1 буго:</u> гьеб х1айван чан гьабизе биччалеб мехалъ Аллагьасул ц1ар рехсон биччай.

ٱلْيَوْمَ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُۖ وَطَعَامُ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلْكِتَٰبَ حِلٌّ لَّكُمْ وَطَعَامُكُمْ حِلٌّ لَّهُمْۖ

5. **Жакъа нужее киналго лъик1ал, лазатал ниг1матал х1алал гьарун руго. Жидехъе т1ехь рещт1изабурал**

وَٱلۡمُحۡصَنَٰتُ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنَٰتِ وَٱلۡمُحۡصَنَٰتُ مِنَ
ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ مِن قَبۡلِكُمۡ إِذَآ ءَاتَيۡتُمُوهُنَّ
أُجُورَهُنَّ مُحۡصِنِينَ غَيۡرَ مُسَٰفِحِينَ وَلَا مُتَّخِذِيٓ
أَخۡدَانٖۗ وَمَن يَكۡفُرۡ بِٱلۡإِيمَٰنِ فَقَدۡ حَبِطَ عَمَلُهُۥ
وَهُوَ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ مِنَ ٱلۡخَٰسِرِينَ ٥

**г1адамазул т1аг1амги х1алал буго нужее:** гьез хъураб жо бегьула кванaзе Аллагьасул ﷻ ц1ар рехсон хъун бугони, Аллагьасул гуреб ц1аралда хъун гьеч1они. Амма шарг1алда х1арам гьабураб болъонил гьан, мехтулеб жо ва гьелда релъарабги х1алаллъуларо, китабияз жиб кваналеб гьезул т1аг1ам бугониги. **Нужер т1аг1ам гьел китабиязеги х1алалаб буго:** гьезие кванaзе кьезе бегьула гьеб т1аг1ам бичун кьунги, ч1обого кьунги.

**Нужее руччабилъун рачине х1алал гьаруна муъминал руччаби: жал рац1ц1адал, х1уриял, жидедаса къабих1аб жо (зина) загьирлъич1ел. Гьединалго рац1ц1адал, х1уриял руччаби китабиязулги рачине х1алал гьаруна нужее**. Цо-цо г1алимзабаца абуна: гьаб китабиязул руччаби рачине х1алал гьаби исламалъул авалалда бук1араб бигьалъи бук1ана. Гьанже муъминал бусурманал руччаби г1емер руго ва гьел китабиязул руччаби рачиялде х1ажалъи гьеч1о абун.

**Гьал муъминал ва китабиял руччаби жидее магьариги кьун рачине х1алалаб буго. Ва нужги рук1ине т1адаб буго зина-хат1аялдаса ц1унараллъун, загьирго ва балъго зина гьабуларел. Гьединго зина гьабизе гьудулзаби, йокьулей кколареллъунги,** балъго гьелда зина гьабун ч1ужу г1адин хьвадизаюлей. **Жинца иман лъун бук1ун хадуб муртадлъарав чи жиндир кинабго г1амал г1адада хварав, жив ахираталъе ч1ового хут1арав чи вуго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا قُمۡتُمۡ إِلَى
ٱلصَّلَوٰةِ فَٱغۡسِلُواْ وُجُوهَكُمۡ وَأَيۡدِيَكُمۡ
إِلَى ٱلۡمَرَافِقِ وَٱمۡسَحُواْ بِرُءُوسِكُمۡ
وَأَرۡجُلَكُمۡ إِلَى ٱلۡكَعۡبَيۡنِۚ وَإِن كُنتُمۡ
جُنُبٗا فَٱطَّهَّرُواْۚ وَإِن كُنتُم مَّرۡضَىٰٓ أَوۡ عَلَىٰ
سَفَرٍ أَوۡ جَآءَ أَحَدٞ مِّنكُم مِّنَ ٱلۡغَآئِطِ
أَوۡ لَٰمَسۡتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَلَمۡ تَجِدُواْ مَآءٗ فَتَيَمَّمُواْ
صَعِيدٗا طَيِّبٗا فَٱمۡسَحُواْ بِوُجُوهِكُمۡ
وَأَيۡدِيكُم مِّنۡهُۚ مَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيَجۡعَلَ

**6. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж как базе рахъунеб мехалъ какие чурун гьеч1ев чияс какие чуре! Нужеца гьумер чуре ва гъуждулги чуре г1унк1рукьалгун цадахъ, нужер бет1ералда лъимги бахъе, х1ат1алги чуре х1ат1ихинк1алгун цадахъ. Нуж черх чури т1адал ратани:** пикру гьабун мани бач1иналдалъун, яги кьижун рук1ун макьилъ жимаг1 гьабулеб бугин абун щайт1аналъ гуккун, **нужеца т1убанго черх чурун рац1ц1алъи гьабе. Нуж унтун ругони** лъималъ чурани зарал

عَلَيۡكُم مِّنۡ حَرَجٖ وَلَٰكِن يُرِيدُ لِيُطَهِّرَكُمۡ وَلِيُتِمَّ نِعۡمَتَهُۥ عَلَيۡكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تَشۡكُرُونَ ٦

ц1ик1к1унеб унтиялдалъун, **яги нуж сапаралда рук1ун какие чуризе лъим щвеч1они, яги нужеца х1ажатханалда ун чороклъи къват1ибе ине гьабун бугони, яги нуж руччабазда аск1ор лъугьун жимаг1 гьабун бугони.**

Гьаб «жимаг1 гьабун бугони» абураб маг1на буго г1емерисел г1алимзабаз «لَمَسْتُمُ» – абураб раг1иялъе гьабулеб. Имам Шафиг1ияс гьеб раг1иялъул маг1на гьабуна: «Нужер т1ом руччабазда хъат1ани» – абун. Г1емерисел г1алимзабаз гьабураб маг1наялда черх чури т1алъула доб «Ламастум» абураб раг1иялдалъун. Имам Шафиг1ил мазгьабалда какие чури биххула.

**Цинги нужее лъимги батич1они, нужеца бац1ц1адаб, бакъвараб, х1ур гьоркьоб бугеб ракь т1алаб гьабе ва гьеб ракь бахе нужер гьумералда ва гъуждузда.** Гьелда таямум гьаби абула. Гьалъул бицен гьабуна (Сурату Ннисаалда 43 аяталъул) тафсиралъулъ. **Аллагьасе бокьун гьеч1о нужее зах1малъи гьабизе ва х1ал к1олареб амру нужеда т1ад къазе.**

**Кинниги Аллагьасе бокьула нуж рац1ц1ад гьаризе,** напсалъул чороклъабаздаса ва т1асан бихьулеб загьираб чороклъиялдасаги. Тавбо гьабун, квешаб г1амал тун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссунеб мехалъ какие чурун к1иго ракаг1ат как бани, хаду Аллагьасе х1елун дуг1а гьабуни, гьев чиясул тавбо къабул гьабила. **Аллагьасе бокьула нужее жиндир ниг1матал т1уразаризе:** нужее шариг1аталъул ах1камал баян гьарун, бит1араб нухда хьвадизе тавпикъ кьун. **Нужеца Аллагьасе щукру гьабилин абун.** жиндие щукру гьабизеги бокьула Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.

Ибнухат1ибица абуна: «Аллагьасе бокьула жинца нуж рац1ц1ад гьаризе» – абураб раг1иялъул маг1на буго: нужер чурхдул чорокал, как базе нахъч1валел жалаздаса рац1ц1ад гьарун, нужер рух1ал иманалъул заг1иплъиялдаса, щакдариялдаса, Аллагьасда г1асилъиялдаса рац1ц1ад гьарун. Таяммум гьабиялдаса бич1ч1улеб х1укму буго: т1адег1анав Аллагьасе какие чуриялдалъун, яги черх чуриялдалъун цох1о лугбузул загьир бац1ц1ад гьаби бокьун гьеч1еблъи. Гьедин бук1арабани таяммум гьабиго рекъараб жо гьеч1о, гьеб бугелъул рац1ц1алъи хвезаби г1адаб жо, гьурмада ракьги бахун.

Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ какие чури ва черх чуриялдалъун бокьараб жо буго инсанасул бат1ин (ракI, рух1) бац1ц1ад гьаби. Гьаб загьирги бат1инги к1иябго бац1ц1ад гьабун Аллагьасда цеве вахъун ч1арав чи вук1уна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир г1амал къабул гьабизе ва жиндир дуг1аялъе

жаваб кьезе мустахlикъав. Гьесда Аллагь жиндир рахlматалдалъун валагьула ва гьесул мунагьалги рахчула. Гьедин бугелъул какие чурулев ва черх чурулев чиясда рекъараб буго жинца загьирабги батlинабги рацlцlалъи гьабиялда къасд гьабизе, жиндир лугбал рацlцlад гьариялдасаги цебе жиндир рухl бацlцlад гьабиялда къасд гьабизе. Хlакълъунго Аллагьасе бокьараб ва хlажатаб жо гьечlо нужер черх чуриялдаса, какие чуриялдасаги, таяммум гьабиялдасаги нужер затги, сипаталги, ракlги, рухlги бацlцlад гьаби гурони»-абун.

**7. Ва нужеца ракlалде щвезабе, я муъминзаби, Аллагьас нужее гьабураб цlоб ва нигlмат,** нуж исламияб диналде тlоритlи ва гьелда хьвадизе гьари. **Гьединго Аллагьас нужедаса босараб къотlиги ракlалде щвезабе.**

وَٱذۡكُرُواْ نِعۡمَةَ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ وَمِيثَٰقَهُ ٱلَّذِي وَاثَقَكُم بِهِۦٓ إِذۡ قُلۡتُمۡ سَمِعۡنَا وَأَطَعۡنَاۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ٧

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе байгlат гьабун, гьесие мутlигlлъизе ва гьесда нахърилълъине нужеца гьабураб къотlи: къварилъи-гlатlилъи бугониги, нужее бокьулеб жо бугониги, рихараб жо бугониги. **Нужецаги абуна «нижеда рагlана ва ниж мутlигlлъана»- абун. Нуж Аллагьасдасаги хlинкъа** Аллагьасе ва гьесул аварагасе гьабураб къотlи хвезабизе ва шаргlалда хилапаб хьвади гьабизе. **Хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужер ракlазулъ бугеб жо жинда лъалев вуго** ва нужер киналго гlамалазе жинца жазаъ гьабизе бугев вуго.

**8. Я гьал иман лъурал гlадамал! Нуж цlакъ тlад чlараллъун рукlа хlакъаб, ритlухъаб жоялда. Аллагьасе гlоло ритlухъаб нугlлъи гьабулеллъунги рукlа. Ва нуж ритlухъаб нугlлъи гьабиялдаса ва хlукмуялъулъ гlадлу гьабиялдаса нахъчlваге, нилъер тущбабазда бахъараб ццinduлъ. Гьез ритlухълъи гьабулеб гьечlо абун. Нужеца ритlухълъи гьабе! Гьеб буго нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **хlинкъиялда гlагараб. Кинабго гlамалалъулъ ва хlалалъулъ нуж Аллагьасдаса хlинкъунги рукlа.** Аллагьасул ццим бахъунеб жо гьабуге. **Хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго:** гьитlинаб, кlудияб ва

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُونُواْ قَوَّٰمِينَ لِلَّهِ شُهَدَآءَ بِٱلۡقِسۡطِۖ وَلَا يَجۡرِمَنَّكُمۡ شَنَـَٔانُ قَوۡمٍ عَلَىٰٓ أَلَّا تَعۡدِلُواْۚ ٱعۡدِلُواْ هُوَ أَقۡرَبُ لِلتَّقۡوَىٰۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ ٨

балъгоябги, загьирабги.

وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟
ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ
عَظِيمٌ ٩

**9. Т1адег1анав Аллагьас жидеца иман лъурал ва лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал г1адамазе къот1и гьабун буго гьезул мунагьал чуризе ва ахират алда алжаналъул ниг1матазулъ рук1изе.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَآ
أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْجَحِيمِ ١٠

**10. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ инкар ккурал, Аллагьасул х1икматал ва муг1жизатал жидеца гьереси гьарурал г1адамал жужах1алъул бет1ергьаби руго,** даимго гьенир рук1унел руго ва жидедаса г1азаб борхуларел руго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتَ
ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ هَمَّ قَوْمٌ أَن يَبْسُطُوٓا۟
إِلَيْكُمْ أَيْدِيَهُمْ فَكَفَّ أَيْدِيَهُمْ عَنكُمْ ۖ
وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ
ٱلْمُؤْمِنُونَ ١١

**11. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца рак1алде щвезабе Аллагьас нужее гьабураб лъик1лъи ва ниг1мат. Цо капураб къавмалъе бокьараб мехалъ нужгун рагъ гьабизе, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул кверал ккуна ва гьел нахъч1вана нужее зарал гьабиялдаса. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъа,** я гьал муъминзаби! **Цох1о Аллагьасда таваккал т1аме абе муъминзабаца!**

Гьев Аллагь вуго нужее г1ей гьабулев ва квербакъулев.

Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: Бануназир абулеб къавмалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул бет1ералде т1аде к1удияб гамач1 рехизе, гьев аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва хириял асх1абзабазеги رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ хиянат гьабизе къасд гьабураб мехалъ, Аллагьас аварагасда гьезул къасд лъазабуна ва гьелъул х1асилалда авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ асх1абзабигун зарал ккеч1ого цадахъ нахъруссана. Мадинаялда аск1ор рук1арал ягьудиязул цо къавм буго гьеб, жидехъе цо ишалъе г1оло авараг вач1араб мехалъ, гьев цо къадада аск1ов г1одов ч1езавун, цинги рукъалъул т1охде рахун гьесул бет1ералда т1аде цо к1удияб гамач1 рехизе ургъун рук1арал.

۞ وَلَقَدْ أَخَذَ ٱللَّهُ مِيثَٰقَ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ
وَبَعَثْنَا مِنْهُمُ ٱثْنَىْ عَشَرَ نَقِيبًا ۖ
وَقَالَ ٱللَّهُ إِنِّى مَعَكُمْ ۖ لَئِنْ أَقَمْتُمُ
ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَيْتُمُ ٱلزَّكَوٰةَ وَءَامَنتُم

**12. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бануисраилаздаса щулияб къот1и босун бук1ана Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасе мут1иг1лъизе ва гьесда нахърилълъине. Гьел бануисраилазул щибаб кьибилалдаса**

бِرُسُلِي وَعَزَّرْتُمُوهُمْ وَأَقْرَضْتُمُ ٱللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا لَّأُكَفِّرَنَّ عَنكُمْ سَيِّـَٔاتِكُمْ وَلَأُدْخِلَنَّكُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ ۚ فَمَن كَفَرَ بَعْدَ ذَٰلِكَ مِنكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ ٱلسَّبِيلِ ﴿١٢﴾

**цо-цо цевехъан вит1ун анц1ила к1иго цевехъанги вит1ана Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **аварагасухъе.**

Мадинаялъул ансараз Мух1аммад ﷺ аварагасе т1оцебесеб байг1ат гьабулеб мехалъги гьезул анц1ила к1иго цевехъан вук1ана: лъабго авсазул ва ич1го хазражазул.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ пирг1авн гьалаг гьавун хадуб Муса аварагасда амру гьабун, гьел къавмазул церехъабаздаса Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къот1и босана гьел ва гьезул къавм Муса аварагасе мут1иг1лъизе ва гьесул амруялда нахърилълъине. Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабун бук1ана Муса аварагасде нуж Арих1аъ абулеб Шамалъул ракьалде аян ва гьенир ругел Канг1аназул зулмуял, квешал г1адамалги къват1ире къот1ун, гьеб ракьалда ч1аян абун. Амма гьеб амруялъе бануисраилал хилиплъана ва канг1аназул гучаб, кутакаб къавмгун рагъизе х1инкъана.

Т1адег1анав **Аллагьас** бануисраилаздаги **абулеб бук1ана: Дун вуго нужгун цадахъ вук1унев,** нужее квербакъулев, ва нужедаса тущбабазул зарал нахъч1валевги. **Нужеца нужеда т1ад гьабураб как бани, боц1удаса закатги кьуни, нужеца дир аварагзабазда иманлъун гьездаги божани ва нужеца гьел русулазе квербакъани Аллагьасулги нужерги тущбабигун рагъизе, гьединго Аллагьасул дин т1адег1ан гьабун диналъе квербакъизе суннатаб садакъаги кьуни,- дица нужер киналго мунагьал чурила ва дица нуж даимго жанир рук1инелъун алжаналда жанире лъугьизарила. Жинда жанисан г1орал чвахулеб,** ниг1матазул ва рах1ат-лазаталъул рукъ буго гьеб алжан.

**Гьаб х1акъаб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **дин жидехъе бач1ун хадуб ва аварагги вит1ун жидеда бит1араб нухги бихьизабун хадуб жив къосарав, мекъаб нухда хьвадарав чи – гьев вуго х1акъаб нух биларав** ва щибго щаклъи гьеч1ого бат1улаб жоялда вугев чи.

فَبِمَا نَقْضِهِم مِّيثَٰقَهُمْ لَعَنَّٰهُمْ وَجَعَلْنَا قُلُوبَهُمْ قَٰسِيَةً ۖ يُحَرِّفُونَ ٱلْكَلِمَ عَن مَّوَاضِعِهِۦ ۙ وَنَسُوا۟ حَظًّا مِّمَّا ذُكِّرُوا۟ بِهِۦ ۚ وَلَا تَزَالُ تَطَّلِعُ عَلَىٰ خَآئِنَةٍ مِّنْهُمْ إِلَّا قَلِيلًا مِّنْهُمْ ۖ فَٱعْفُ عَنْهُمْ وَٱصْفَحْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٣﴾

**13. Гьал ягьудияз жидеца гьабурб къот1и биххизе гьабиялъе г1оло** ва Муса аварагасда мут1иг1лъи теялъе г1ологи **дица гьезие «лаг1нат» гьабуна:**

дица гьел дир рах1маталдаса рик1к1ад гьаруна **ва дица гьезул рак1алги къвак1арал ганч1ал г1адин гьаруна,** жидеда жаниб иман лъугьунарел ва

х1акъаб жо къабул гьабуларел гьаруна. **Жидеца Аллагьасул калам сверизе гьабулел руго гьел ягьудиял** жидее бокьараб маг1на гьабун, бокьараб жоялда г1амал гьабун, бокьич1еб г1амал гьабич1ого тун. Гьаб Аллагьасул калам махсароде ккеялдаса к1удияб мунагь щибха бук1инеб? **Ва жидеда амру гьабураб г1емераб жо к1очараб г1адин, жидеда лъалареб жо г1адин, жинда г1амал гьабич1ого рехун тана. Мун гьезул хиянатазда ваккулевлъун вук1ине вуго Мух1аммад ﷺ, щибаб заманаялъ.** Жудер хиянатчаг1и ц1акъ г1емер руго ва гьеб хиянат гьаби жидер умумузулго бугеб т1абиг1ат буго.

**Цо дагьалго иман лъурал г1адамал руго жидеца хиянат гьабуларел ва дуда нахърилълъунел** – цоги маг1на гьабуни, нужее хиянат гьабизе жал х1инкъун ч1арал абун. **Мун гьездаса т1аса лъугьа ва гьезие къварилъи гьабуге. Х1акълъунго Аллагь جل جلاله жиндие г1адамазда** гурх1ел гьабулел, гьезие **лъик1лъи гьабулел г1адамал рокьулев вуго.** Гьаб ахираб раг1и жиндир маг1на насхо гьабураб буго рагъул аятаздалъун. Ай, бусурбабазе къварилъи-зарал гьабулел капурзаби ва мушрикал т1аса лъугьун толаро рагъул аятал рещт1аралдаса хадур.

وَمِنَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّا نَصَٰرَىٰٓ أَخَذۡنَا
مِيثَٰقَهُمۡ فَنَسُواْ حَظّٗا مِّمَّا ذُكِّرُواْ
بِهِۦ فَأَغۡرَيۡنَا بَيۡنَهُمُ ٱلۡعَدَاوَةَ
وَٱلۡبَغۡضَآءَ إِلَىٰ يَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِۚ وَسَوۡفَ
يُنَبِّئُهُمُ ٱللَّهُ بِمَا كَانُواْ يَصۡنَعُونَ ١٤

**14. Жидеца ниж насраниял руго абулел г1адамаздасаги босана дица щулияб къот1и** ягьудияздаса босараб г1адинго, гьез Аллагь جل جلاله цо гьавизе, аварагзабиги рит1ухъ гьаризе, Г1иса عليه السلام аварагасда нахърилъун, гьесие мут1иг1лъун хьвадизе. **Ва гьал насранияздаги к1очана жидеда т1ад къараб жоялъул г1емериселда г1амал гьабизе ва гьез Аллагьасулгун гьабураб къот1иги хвезабуна.**

Гьал насраниязда ц1ар лъеялъе г1илла буго Аллагьасул салам лъеяв Г1иса аврагас къавмалда хит1аб гьабун абидал: «Щал ругел нужер Аллагьасул диналъе квербакъулел»-абун, гьал г1адамаз абун бук1ана: «Ниж руго Аллагьасул диналъе квербакъулел»-абун. Цинги г1араб раг1и «ансарал» абураб (жидеца квербакъулел абураб маг1на) «Аннасараялде» сверизе гьабуна (жидеца г1емер квербакъулел) ва гьеб раг1иялдаса гьезда насраниял абун ц1арги бач1ана.

**Ва дица гьел капурал къавмазда гьоркьоб цоцазде тущманлъи бижизабуна ва щим бахъиги гьабуна къиямасеб къо ч1езег1ан жиб бук1унеб ва жиндие ахир гьеч1еб. Ахираталде щведал Аллагьас гьел киназдаго бицине буго жидеца гьабураб г1амал,** ай жидее жужах1алъул г1азаб гьабизе буго.

Насранияздаги ягьудияздаги гьоркьоб кидаго тущманлъи букӀуна ва гьез цояз цоял капурал гьарула, алжаналде лъугьинеги толаро. Гьединго насраниязул буго чанго кӀудияб рикьи: протестантал, католикал ва цогидалги. Гьал цоял цоязул гьатӀаналъур (церковь) унаро ва цояз цоял капур гьарула. Гьазул цоцазе рихиналъул ва тущманлъи букӀиналъул къуват гӀеларищ ядернияб ярагъ гьабун цояз цоял чӀвазе хӀадурун рукӀин.

Ягьудиязулги буго кӀиго кӀудияб къокъа «Раббанионал» ва «Къуррайинал» абун, цояз цоял капур гьарулел, жидер хасаб дин ва гӀадат бугел. Гьал киназего гӀаммаб цохӀо жо буго: гьазие бусурбаби рокьуларо ва загьиралдаги батӀиналдаги бусурбабазе зарал, къварилъи щвей мурад букӀуна киназулго.

يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ قَدۡ جَآءَكُمۡ رَسُولُنَا يُبَيِّنُ لَكُمۡ كَثِيرٗا مِّمَّا كُنتُمۡ تُخۡفُونَ مِنَ ٱلۡكِتَٰبِ وَيَعۡفُواْ عَن كَثِيرٖۚ قَدۡ جَآءَكُم مِّنَ ٱللَّهِ نُورٞ وَكِتَٰبٞ مُّبِينٞ ﴿١٥﴾

**15. Я гьаб китабияб агьлу:** ягьудал ва насраниял! **ХӀакълъунго нужехъе дир авараг МухӀаммад** ﷺ **вачӀун вуго, жинца нужее гӀемераб жо баян гьабулев нужер Инжилалда ва Тавраталда жиб бугеб ва нужеца жиб гӀадамаздаса бахчун бугеб.** Гьедин бахчараб букӀана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул сипатал, зина гьабурав чи чӀимих речӀчӀун чӀвазе ккеялъул хӀукму ва цогидабги. **Ва гӀемераб нужеда гӀайиб чӀвалеб, нуж къватӀир чӀвазе гьарулеб жо Аллагьас бахчун тола.** Гьеб кинабго баян гьабуни нуж цӀакъ инжитлъула.

**Гьединго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан нужехъе бачӀун буго нуж хӀакъаб нухалда тӀоритӀулеб нур ва Аллагьасул калам Къуръан, жиб баянаб, жиндир мурад ва хӀукму загьираб.**

يَهۡدِي بِهِ ٱللَّهُ مَنِ ٱتَّبَعَ رِضۡوَٰنَهُۥ سُبُلَ ٱلسَّلَٰمِ وَيُخۡرِجُهُم مِّنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ بِإِذۡنِهِۦ وَيَهۡدِيهِمۡ إِلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسۡتَقِيمٖ ﴿١٦﴾

**16. Гьеб Къуръаналдалъун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьарав чи тӀовитӀула киналниги жидеда жаниб лъикӀлъи бугел нухазда. Ва Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гӀадамал купруялъул, жагьлуялъул бецӀлъиялдаса иманалъул нуралде рахъизарула жиндир амруялдалъун ва изнуялдалъун. Ва жинца гьел гӀадамалги тӀоритӀула битӀараб исламияб нухалда,** жиндилъ рохел ва хвасарлъи бугеб, ахираталда алжанги щолеб.

Гьаб кӀиго аяталда жаниб цӀакъ берцинаб баян буго китабияб агьлуялъе, гьез иман лъезе Аллагьасул авараг МухӀаммадида ﷺ ва гьесда

рещт1изабураб Къуръаналда. Цо чияс гьикъани Къуръан щиб жо бугеб абун, гьесие жаваблъун гьаб аят (16) ц1ализе рекъараб буго.

Гьаб Къуръан буго х1акъаб нух жинца бихьизабулеб Аллагьасул нур ва жиб баянаб, жиндир маг1на загьираб т1ехь. Аллагь разилъи щвезе бокьарав чи гьелдалъун бит1араб нухда т1овит1улеб, гьел г1адамал Аллагьасул тавпикъалдалъун купру-ширкалъул, жагьлуялъул бец1лъудасан иманалъул нуралдеги рачунеб ва гьезие дунял-ахираталъул бахьибуголъи щолеб х1акъаб, бит1араб исламияб нухалда гьел г1адамал т1орит1улеб.

**17. Х1акълъунго гьел г1адамал капурал руго жидеца Марьямил вас Г1иса Аллагь вугин абурал. Дуца абе Мух1аммад ﷺ Т1адег1анав Аллагьасе бокьани Марьямил вас Г1исаги гьесул эбел Марьямги ва кинабго ракьалда т1ад бугеб халкъги гьалаг гьабизе, щив чи вугев гьеб жо гьукъизе к1олев ва гьелда данде ч1олев?**

لَّقَدْ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ
هُوَ ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ مَرْيَمَ ۚ قُلْ فَمَن
يَمْلِكُ مِنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا إِنْ أَرَادَ أَن
يُهْلِكَ ٱلْمَسِيحَ ٱبْنَ مَرْيَمَ
وَأُمَّهُۥ وَمَن فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا ۗ
وَلِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ
وَمَا بَيْنَهُمَا ۚ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ عَلَىٰ
كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٧﴾

Цониги чи гьеч1о ва нужеца бицунеб раг1иги гьереси буго. Г1иса авараг цогидаб кинабго махлукъат г1адин жив холев вуго, гьединав чи Аллагьлъун вук1унаро. **Х1акълъунго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобал-ракьазул ва гьениб жаниб бугеб кинабго махлукъаталъул ханлъи. Аллагьас жиндие бокьараб жо бокьухъин бижуна,** гьеб Аллагьасул х1алк1олъиялдалъун вижана Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг эменги гьеч1ого. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кинабго жоялде жиндир х1ал к1олев вуго,** жив щибго жоялъ г1ажиз гьавуларев вуго.

**18. Насранияз ва ягьудияз абуна ниж Аллагьасул лъимал ругин ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рокьулел, гьес т1аса рищарал г1адамал ругин абун.**

وَقَالَتِ ٱلْيَهُودُ وَٱلنَّصَٰرَىٰ نَحْنُ أَبْنَٰٓؤُا۟ ٱللَّهِ
وَأَحِبَّٰٓؤُهُۥ ۚ قُلْ فَلِمَ يُعَذِّبُكُم بِذُنُوبِكُم ۖ
بَلْ أَنتُم بَشَرٌ مِّمَّنْ خَلَقَ ۚ يَغْفِرُ لِمَن يَشَآءُ
وَيُعَذِّبُ مَن يَشَآءُ ۚ وَلِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ وَإِلَيْهِ ٱلْمَصِيرُ ﴿١٨﴾

Ниж аварагзабазул наслу буго, аварагзаби Аллагьасул лъимал руго абун абулеб бук1ана гьез. **Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ: Цинги Аллагьас нужее г1азаб кинха гьабулеб нужеца мунагьал гьарураб мехалъ**-абун. Нужер куфру-ширкалъе г1оло Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее жужах1 х1адурун буго, нуж гьесие рокьулел рук1аралани гьеб иш гьедин бук1инароан.

**Нужеца абухъин гьечlо иш, нужги цогидалго гlадин Аллагьас рижарал гьесул лагъзал руго. Аллагьас ﷻ жиндие бокьарасул мунагьал чурила ва жиндие бокьарасе гlазабги гьабила. Тlадегlанав Аллагьасул ﷻ мулк буго зобал-ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Ахир къиямасеб къоялъ кинабго жо Аллагьасде буссине буго.** Ва жиндир хlикматалда рекъон Аллагьас ﷻ киназего жазаъги гьабизе буго: цохlо зарра гlадаб лъиклlлъи гlодобги толаро, цохlо зарра гlадаб квешлъи тlад цlиклклинеги гьабуларо.

Жиндир цlоб-рахlматалдалъун муъминал, гlасиял лагъзал тlаса лъугьунги тола. Цохlо лъиклъи гьабурасе цlакъ гlемераб ажруги кьола.

يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ قَدۡ جَآءَكُمۡ رَسُولُنَا يُبَيِّنُ لَكُمۡ عَلَىٰ فَتۡرَةٖ مِّنَ ٱلرُّسُلِ أَن تَقُولُواْ مَا جَآءَنَا مِنۢ بَشِيرٖ وَلَا نَذِيرٖۖ فَقَدۡ جَآءَكُم بَشِيرٞ وَنَذِيرٞۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ١٩

**19. Я гьаб китабияб агьлу! Хlакълъунго нужехъе дир расул вачlун вуго, аварагзаби гьечlого гlемер замана ун хадуб, нужеда Аллагьасул дин малъизе.**

Аллагьасул свалат саламлъеяв Гlиса аварагсдаги Мухlаммад ﷺ аварагасдаги гьоркьоб анлънусго сон буго. Гьеб заманаялъ цониги авараг вуклинчlо ва гlемерисеб халкъ хъанчазе, (статуябазе) лагълъи гьабиялде сверун буклана.

Хирияв расул Мухlаммад ﷺ витlун вуго нужехъе. **Нужеца къиямасеб къоялъ хlисаб-мизан гьабулеб мехалъ абичlого буклине нижехъе цониги чи вачlинчlо жинца алжаналдалъун рохел бицунев ва жужахlалдалъун хlинкъиги кьолев абун. Нужехъе хlакъав авараг вачlун вуго иман лъуразе алжаналъул рохел бицунев, купру-ширкалда чlаразе жужахlалъул гlазаб буклиналъул бицунев.** Гьадин бугелъул нужеца гьав авараг ритlухъ гьаве, гьесда нахъ рилъа, нужее ахираталда Аллагь разилъи ва алжан буклине буго. **Хlакълъунго Аллагь ﷻ жиндир хlалклолъи кинабго жоялда гlамлъарав вуго.**

وَإِذۡ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوۡمِهِۦ يَٰقَوۡمِ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَةَ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ إِذۡ جَعَلَ فِيكُمۡ أَنۢبِيَآءَ وَجَعَلَكُم مُّلُوكٗا وَءَاتَىٰكُم مَّا لَمۡ يُؤۡتِ أَحَدٗا مِّنَ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢٠

20. Дуца умматалъе вагlзалъун буклине гьезда бице Мухlаммад ﷺ, **Муса** عليه السلام **аварагас жиндир къавммалда абурал рагlаби: «Я дир къавм! Нужеца раклалде щвезаре Аллагьас нужее кьурал клудиял нигlматал ва нужеца гьел нигlматазде щукруги гьабе»-абун. Аллагьас нужеда**

**гьоркьосан аварагзаби гьаруна Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде халкъ ах1улел ва нужер цоял ханзабилъунги гьаруна.**

Гьелда цереккун нуж къибт1иязул лагъзал рук1ана, пирг1авница жиндие бокьухъен къварид гьарулел ва г1азаб гьабулел. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев пирг1авнги гъанкъизавун нуж хвасар гьаруна ва нуж ханзаби г1адин лъугьана, нужеда гьоркьор аварагзабиги ругел ва нужедаса цогидал къавмалги х1инкъулел.

Бануисраилазул г1адат бук1ана цо чиясул жив жанив ч1езе рукъги бугони, ч1ужуги йигони, цеве х1алт1улев гъарабашги вугони, гьев чиясда ханилан абулеб. Гьаб бак1алдаги гьеб маг1на бугилан абуна цо г1алимзабаца.

Жинда аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Г1ассида цо чияс гьикъана: «Нилъ мугьажирал пакъирал г1адамал гьеч1ищ?» – абун. Г1абдуллагьица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: «Дур ч1ужу йигищ, жинда аск1ов мун вуссуней?»- абун. Дов чияс абуна: «йиго» –абун. Цинги Г1абдуллагьица гьикъана: «Дур рукъ бугищ мун жанив ч1олеб?»- абун. «Буго»- абуна дов чияс. Г1абдуллагьица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: «Мун бечедал г1адамаздаса вугоха» – абун. Дов чияс абуна: «Дир цо хъулухъчиги вуго (лагъ вуго)»- абун. Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагьица абуна: «Гьедин батани, мун ханзабаздаса чи вуго»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер цояв сах-саламат вугони, жив щибго жоялдаса х1инкъунги гьеч1они, жинда аск1об гьеб къоялъ кванaзе г1ураб ризкъиги бугони, гьев чи вуго кинабго дунял жинда кодоб бугесда релъун»*- абун. Х1адис имам Бухарияс бицана адабул муфрад абулеб т1ехьалда.

**Ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее кьуна цогидал г1адамазе кьеч1ел ц1акъго г1емерал ниг1матал ва муг1жизатал:** нужее ралъад бикьизабуна, нужеда т1ад ч1ун нак1к1алъ раг1ад гьабуна, нужее зодисан т1аг1амги рещт1изабуна «манна» ва «сальва» абун жинда ц1ар бугеб ва жиб машгьураб.

يَٰقَوْمِ ٱدْخُلُوا۟ ٱلْأَرْضَ ٱلْمُقَدَّسَةَ ٱلَّتِى كَتَبَ ٱللَّهُ لَكُمْ وَلَا تَرْتَدُّوا۟ عَلَىٰٓ أَدْبَارِكُمْ فَتَنقَلِبُوا۟ خَٰسِرِينَ ﴿٢١﴾

**21. Цинги Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я дир къавм! Нуж Аллагьас бац1ц1ад гьабураб ракьалде лъугьа, гьес нужее кьезе къот1и гьабураб нужер эмен Яг1къубил (Израил) мац1алда.**

Гьаб буго Байтул-мукъадас бугеб бак1. Гьелда «Мукъадас» абун ц1ар тана гьеб аварагзаби ч1олеб бак1 бук1иналъ ва муъминзаби руссунеб бак1ги бук1иналъ. **Нуж х1инкъун гьаниса нахъруссун, лъутун унге. Гьедин нахъ руссани, нуж ц1акъ ч1орого хут1араздаса рук1ине**

**руго.** Дунялалда гьеб Аллагьас бацlад гьабураб ва нужее хlалал гьабураб ракьги щвеларо нужее, ахираталда Аллагьасул алжанги щвеларо, нужеца гьесда гlасилъи гьабидал.

**22. Бануисраилаца абуна: «Я Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ! Гьеб росдал агьлу цlакъ къуватаб, кутакаб буго. Ниж гьанир жанир лъугьинаро доб агьлу гьанисан къватlибе ун гурони. Дол гlадамал жалго къватlире ани, ниж гьенире жанире лъугьина»**- абун.

قَالُوا۟ يَـٰمُوسَىٰٓ إِنَّ فِيهَا قَوْمًا جَبَّارِينَ
وَإِنَّا لَن نَّدْخُلَهَا حَتَّىٰ يَخْرُجُوا۟ مِنْهَا فَإِن
يَخْرُجُوا۟ مِنْهَا فَإِنَّا دَٰخِلُونَ ﴿٢٢﴾

**23. Аллагьасдаса жал хlинкъулел, жидее ругел ниглматалги лъалел, жидер реклелъ иманги бугев кlиго чияс абуна: «Нилъ гьаб къавмалда тlаде лъугьине руго росдал рагьдухъан жанир. Гьездаса хlинкъичlого нилъ жанире лъугьараб мехалъ, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ кумекалдалъун нилъ бергьине руго.**

قَالَ رَجُلَانِ مِنَ ٱلَّذِينَ يَخَافُونَ أَنْعَمَ ٱللَّهُ
عَلَيْهِمَا ٱدْخُلُوا۟ عَلَيْهِمُ ٱلْبَابَ فَإِذَا دَخَلْتُمُوهُ
فَإِنَّكُمْ غَـٰلِبُونَ ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَتَوَكَّلُوٓا۟
إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٢٣﴾

Гьезул чурхдул кутакал ругониги ракl загlипаб букlуна, нилъеца Аллагьасде таваккал тlамуни, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъее кумек гьабула. **Нужеца Аллагьасде таваккал тlаме нуж иман лъурал гlадамал ратани ва** Аллагьасул ва гьесул авараг Мусал амру тlубазабизе церехун рачlа»- абун.

Гьаб аяталда жаниб ишара гьабулеб буго Аллагьасул диналъе гlоло къватlиве вахъун вагъулев чи жив тущманасде тlаде кlанцlи лъикlаб букlиналда ва чорхолъ бахlарчилъиги яхlги лъун, тущманасул боял гlемерал рукlиналъул кlвар гьабичlого, цевехун ун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рухl бичулев вукlин лъикlаб букlиналдаги. Гьаб хlукму буго гlакъилав, къвакlарав чиясда жиб лъалеб, жиндир хlалбихьи гьабураб. «Дуца хвел цlехе, гьеб хвелалъ дуе чlаголъи кьела»- абун буго бахlарзаз. Хириял асхlабзабазул сияр (тарих) цlалараб мехалъ, гьеб сияралъ бицунеб буго муъминзаби тущманасдаса жидер иманалъул къвакlиялъ бергьунел рукlараблъи, жидер боял гlемер рукlун, яги ярагъ лъикlаб букlун бергьунел рукlинчlеблъиги.

**24. Къавмалъул церехъабаз Мусада عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я Муса! Ниж гьеб росолъе кидаго лъугьиларо, дол квешал гlадамал гьеб росолъ ругебгlан мехалъ. Мунги дур Аллагьги**

قَالُوا۟ يَـٰمُوسَىٰٓ إِنَّا لَن نَّدْخُلَهَآ أَبَدًا مَّا دَامُوا۟
فِيهَا فَٱذْهَبْ أَنتَ وَرَبُّكَ فَقَـٰتِلَآ
إِنَّا هَـٰهُنَا قَـٰعِدُونَ ﴿٢٤﴾

**а гьелгун рагъизе, ниж гьанир г1одорч1ун ч1ела»**- абун.

Гьаб ц1акъ къабихl1аб купруялъул рагl1и буго, жиндалъун Аллагьги гьесул аварагги г1одорег1ан гьарулеб. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидеда гурх1ун, купруялъул ва жагьлуялъул бец1лъудаса иманалъул нуралде ах1изе вит1арав аварагасде гьеб раг1и абулел г1адамазе киг1ан к1удияб г1азаб гьабуниги гьезул г1асилъиялда бащалъиларо. Жидер х1акъирлъиялде, х1инкъиялде ва заг1иплъиялде т1адеги гьединаб к1удияб купруялъул раг1и абуна ягьудияз.

**25. Муса عَلَيْهِالسَّلَامُ аварагас абуна: «Я дир Бет1ергьан, дир х1ал к1олеб жо щибго хут1ич1о цох1о дир напсги, дир вац Гьарунги гурони.**

قَالَ رَبِّ إِنِّي لَآ أَمۡلِكُ إِلَّا نَفۡسِي وَأَخِيۖ فَٱفۡرُقۡ بَيۡنَنَا وَبَيۡنَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلۡفَٰسِقِينَ ٢٥

Гьаб къавм дида г1асилъана, гьазул куфруялъул гучги бергьана. **Дуца, Бет1ергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нижги гьаб пасикъаб къавмги цоцаздаса рат1а гьаре.** Дурго г1адлуялдалъун, дур х1икматалдалъун дуца х1укму гьабе, Аллагь, гьаб амруялъулъ»- абун.

**26. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Гьеб росо дица гьаб къавмалъе х1арам гьабуна к1икъого соналъ. Гьеб к1икъого соналъ дур къавм ракьалде сверулел рук1ине руго, жидеда къват1ибе унеб нухги батизе гьеч1о. Дур гьеб къавмалда щибго рак1 гурх1уге, Муса. Гьеб къавм ц1акъ пасикъаб, квешаб къавм буго,**

قَالَ فَإِنَّهَا مُحَرَّمَةٌ عَلَيۡهِمۡۛ أَرۡبَعِينَ سَنَةٗۛ يَتِيهُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِۚ فَلَا تَأۡسَ عَلَى ٱلۡقَوۡمِ ٱلۡفَٰسِقِينَ ٢٦

жидее г1акъуба г1азаб гьабизе мустах1икъалги руго.

Цинги гьеб къавм к1икъого соналъ гьеб ракьалда свердулеб хут1ана. Сордоялъ ч1еч1ого хьвадараб мехалъ, рогьалида жидеца байбихьараб бак1алде щун ратулаан. Гьеб ракьалда рук1аго жидер г1емерисел хвана ва ц1ияб г1елги бижун бач1ана. Г1емерал муг1жизатал, г1аламаталги рихьизаруна гьезда Муса аварагас. Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса ва Гьарунги хвана гьеб ракьалдаса къват1ире рахъинч1ого. Къавмалъе бет1ерлъи (амирлъи) гьабуна Юшаг1 ибну Нун абулев чияс. К1икъого сон бан хадур гьеб ракьалдаса къват1ире рахъун, Байтул-мукъадас бугеб бак1алде росолъе лъугьана. Гьеб свериялъул къиса Суратул Бакъаратаалдаги бицана (57 абилеб аяталъул тафсиралъулъ).

**27. Дуца гьеб къосараб къавмалъе,** болъонал ва маймалакал жидер гьарурал ягьудиязул х1ал хъубал

۞وَٱتۡلُ عَلَيۡهِمۡ نَبَأَ ٱبۡنَيۡ ءَادَمَ بِٱلۡحَقِّ إِذۡ قَرَّبَا قُرۡبَانٗا فَتُقُبِّلَ مِنۡ أَحَدِهِمَا وَلَمۡ يُتَقَبَّلۡ

مِنَ ٱلْءَاخَرِ قَالَ لَأَقْتُلَنَّكَ قَالَ إِنَّمَا يَتَقَبَّلُ ٱللَّهُ مِنَ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٢٧﴾

г1адамазе ва гъезда релъаразеги **бице, Мух1аммад** ﷺ, Аллагьасул свалат салам лъеяв **Адамил к1иго васасул къиса х1акъаб жоялдалъун,** жиндилъ гъереси гъеч1еб, т1аде жо ц1ик1к1изабиеч1еб, жиб хисизабич1еб.

Гъазул къисаялъул байбихьи буго: Аллагьасул салам лъеяв Адам аварагасе Аллагьас ﷻ шарг1 гьабун бук1ана жиндир ясал жиндирго васалазе росасе кьезе, цоги г1адамал гьеч1ого ва цоги бат1ияб шарт1 гьабизе ресги гьеч1ого. Х1ава эбелалъ щибаб нухалъ васги ясги гьарулел рук1ана. Гьел к1удиял г1ун ригьин гьабизе мех щведал цо вацасда цадахъ гьаюрай яс цогидав вацасе кьолаан ч1ужулъун.

Цинги Гьабил ва Къабил абулев к1иго васасе руччаби рачизе мех щведал, Къабилие бокьана живгун цадахъ гьаюрай яц жиндие ч1ужулъун ячине. Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьесда т1ад рекъеч1о ва къот1и гьабуна гьав к1иявго вацас къурбан хъвезе ва гьеб къурбан Аллагьас къабул гьабурасе Къабилгун цадахъ гьаюрай яс кьезе. Цинги къурбан хъуна ва Аллагьас ﷻ Гьабилил къурбан къабул гьабуна.

Хадуб Къуръаналда абулеб буго: **Гьев к1иявго васас Аллагьасе къурбан хъураб г1уж бице. Цинги гьеб къурбан цоясул къабул гьабуна Аллагьас, цоясул къабул гьабич1о.** Къабил вук1ана хур бекьун бет1ербахъи гьабулев, Гьабил вук1ана г1и-боц1и хьихьулев. Къабилица цо ролъул гул бахъана къурбаналъе, гьебги гьит1инаб, къадараб ц1ехон бахъана. Гьабилица лъик1аб куй хъун гьеб бахъана къурбаналъе. Гьезул къурбан къабул гьабиялъе г1аламат бук1ана зодисан ц1а бач1ун гьеб къурбан ц1аялъ кванай.

Цинги зодисан ц1а бач1ун Гьабилил къурбан кванана. Къабилил ц1акъго ццим бахъана ва жинца абуна: **«Дица мун ч1вала»**- **абун. Гьабилица абуна: «Аллагьас жиндаса х1инкъарав чиясул къурбан къабул гьабула»**-абун.

لَئِنۢ بَسَطتَ إِلَيَّ يَدَكَ لِتَقْتُلَنِي مَآ أَنَا۠ بِبَاسِطٍ يَدِيَ إِلَيْكَ لِأَقْتُلَكَ إِنِّيٓ أَخَافُ ٱللَّهَ رَبَّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٢٨﴾

**28. Хадубги Гьабилица абуна: Дуца дун ч1вазе абун дида квер бит1ани, дица мун ч1вазе дуде квер бит1изе гьеч1о. Дун Аллагьасул г1азабалдаса х1инкъула, гьаб кинабго г1аламалъул Бет1ергьанлъун жив вугев,**

إِنِّيٓ أُرِيدُ أَن تَبُوٓأَ بِإِثْمِي وَإِثْمِكَ فَتَكُونَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلنَّارِ وَذَٰلِكَ جَزَٰٓؤُا۟ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٢٩﴾

**29. дие бокьун буго дирги дурги мунагьал дуда т1аде ккезе ва мунги жужах1алъул агьлу**

**вук1ине. Гьеб жужах1 буго жидеца зулму гьабурал г1адамазе бугеб жазаъ.**
Дие бокьун буго Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ цеве дун дие зулму гьабуравлъун ине, дица цогидазе зулму гьабуравлъун инч1ого.

فَطَوَّعَتْ لَهُۥ نَفْسُهُۥ قَتْلَ أَخِيهِ فَقَتَلَهُۥ فَأَصْبَحَ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٣٠﴾

**30. Къабилил х1асадалъ ва рак1 хъублъиялъ гьесда бигьаяб жолъун бихьизабуна жиндир вац ч1вай. Цинги Къабилица Гьабил ч1вана ва Къабил бахьикъосараздаса лъугьана.**
Бищун цебе ракьалда г1одобе т1ураб инсансул би бук1ана гьеб. Ибнуг1аббасица абуна: Гьабилица Къабилие х1инкъи кьун бук1ана жужах1алъул ц1а бук1уна зулму гьабурал г1адамазе жазаълъун абун, цингиги гьев х1инкъич1о ва щайт1аналъул мурад т1убазабуна.

فَبَعَثَ ٱللَّهُ غُرَابًا يَبْحَثُ فِى ٱلْأَرْضِ لِيُرِيَهُۥ كَيْفَ يُوَٰرِى سَوْءَةَ أَخِيهِ ۚ قَالَ يَٰوَيْلَتَىٰٓ أَعَجَزْتُ أَنْ أَكُونَ مِثْلَ هَٰذَا ٱلْغُرَابِ فَأُوَٰرِىَ سَوْءَةَ أَخِى ۖ فَأَصْبَحَ مِنَ ٱلنَّٰدِمِينَ ﴿٣١﴾

**31. Цинги Аллагьас цо гъедо бит1ана жинца ракь бухъизе** х1ат1аздалъун ва гозоялдалъун, **гьев Къабилида лъазе кин жинца Гьабилил къаркъала ракьулъ лъелеб.**
Мужагьидица абуна: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ к1иго гъедо бит1ун Къабилида рихьулеб бак1алда к1иябго цоцалъ багъана ва цояб цоялъ ч1вана. Цинги х1ат1аз ва гозоялъ гвенд бахъун, гьениб жаниб хвараб гъедо рехун, т1аде ракь бачана.
Гьеб жо бихьараб мехалъ **Къабилица абуна: «вай дир заг1иплъиго щиб?** Гьаб гъедоялда г1анаб г1акълу бук1ун гьеч1оха дида. **Дида лъач1о кин гьаб къаркъала ракьулъ бахчулебали». Гьеб жиндир г1акълу дагьлъиялдаса пашманавлъун лъугьана Къабил** бахьикъосиги пашманлъиги к1иябго данделъана гьесие.
Жинда Аллагь разилъаяв ибнуг1аббасица абуна: «Гьев пашманлъич1о жинца вац ч1ваялда. Гьедин пащманлъун вук1аравани, жинца тавбо гьабилаан»- абун.
Хирияв аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ х1адис буго: *«Жинца ракьалда т1ад пасалъи-зулму гьабурав ва г1агарлъиялъул гурх1ел-рах1мо къот1изабурав чиясе дунялалдаго г1акъуба хех гьабила, ахираталдаги гьесие гьабулеб г1акъуба дагь гьабиларо».* абураб маг1на бугеб. Гьав Къабилил пишаялъулъги гьаб к1иябго жо буго. إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاجِعُونَ.

مِنْ أَجْلِ ذَٰلِكَ كَتَبْنَا عَلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَنَّهُۥ مَن قَتَلَ نَفْسًۢا بِغَيْرِ نَفْسٍ أَوْ فَسَادٍ

**32. Гьаб Къабилица Гьабил ч1вай сабаблъун Дица бануисраилазда т1ад гьабуна: жинца шарг1ияб г1илла**

فِي ٱلۡأَرۡضِ فَكَأَنَّمَا قَتَلَ ٱلنَّاسَ
جَمِيعٗا وَمَنۡ أَحۡيَاهَا فَكَأَنَّمَآ أَحۡيَا
ٱلنَّاسَ جَمِيعٗاۚ وَلَقَدۡ جَآءَتۡهُمۡ رُسُلُنَا
بِٱلۡبَيِّنَٰتِ ثُمَّ إِنَّ كَثِيرٗا مِّنۡهُم بَعۡدَ
ذَٰلِكَ فِي ٱلۡأَرۡضِ لَمُسۡرِفُونَ ٣٢

**гьеч1ого** къисас боси г1адаб, яги имамас х1ад кьаби г1адаб, **цо напс ч1варав чи, яги гьеб напсалъ ракьалда пасалъи гьабич1ого бук1ун хадубги гьеб напс ч1варав чи.**

Пасалъи буго гъачагълъи гьаби, муртадлъи. **Гьав жинца напс ч1варав чиясе х1укму буго ва гьесие мунагь буго жинца киналго г1адамал ч1варасе г1адаб. Жинца цо напс ч1аго гьабурав чи:** жинца цо сабаб гьабун ч1вазе бук1араб напс хвасар гьабурав чи, яги цо гьалаглъиялде ун бук1араб напс хвасар гьабурав чи, **гьав чиясул х1укму буго ва гьав чиясе кири буго киналго напсал ч1аго гьарурасе г1адаб.**

Гьаб аяталдаса бич1ч1улеб буго напс ч1вай к1удияб мунагь бук1ин ва ц1акъ гучаб х1инкъиги кьолеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ щибго шарг1ияб г1иллаги гьеч1ого напс ч1варав чиясе. Аяталда жаниб «бануисраилазда т1ад гьабуна» абун бук1аниги, гьаб аяталъул х1укму кинабго халкъалъе г1аммаб буго. Гьелда т1орит1ел гьабулел х1адисалги руго.

Гьаб аяталда нахърилълъараздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Г1усман асх1аб, жив ч1вазе вук1ин лъараб мехалъги данде вахъизе г1амал гьабич1ев, кумек гьабизе рач1арал асх1абзабиги лъик1аб дуг1а гьабун нахъе рит1арав.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан х1адис бицана: *«Дун Г1усман* رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ *асх1абасде т1аде ана гьев ч1вазе абун цо къавм ургъун бугеб мехалъ, ва дица абуна: «Я амирул муъминин! Дун дуе квербакъизе вач1ун вуго, мун ч1вай берцин бихьун буго цо къавмалда»* – абун. Жинда Аллагь разилъаяв Г1усманица абуна: *«Я Абугьурарйрат, дуе бокьилищ дуца киналго г1адамал ч1вазе ва гьелгун цадахъ дунги ч1вазе»* – абун. Дица абуна: «Бокьиларо» – абун. Жинда Аллагь разилъаяв Г1усманица абуна: *«Дуца цо чи ч1вани, я Абугьурайрат, мун киналго г1адамал ч1вараздa релълъун вук1уна. Мун т1ад вуссун а дуе изну бугевлъун, дуе ажро, кири бугевлъунги, дуе мунагь х1акъ гьеч1евлъунги»- абун. Цинги дун нахъе вач1ана ва дица рагъ гьабич1о»* – абун. Х1адис ибну Саг1дица Ат1абакъат т1ехьалда бицана, кьуч1аб иснадалдалъун.

**Х1акълъунго бануисраилазухъе дир аварагзаби рач1ана баянал шарг1иял х1ужабиги, муг1жизаталги росун.** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави, аварагзабазда нахърилълъин т1адаб бук1ин гьезда бицунел, ракьалда пасалъаби гьари, г1адамал ч1вай х1арамаб бук1инги бицунел. **Цинги гьел бануисраилазул г1емерисел г1адамал, гьаб шарг1ияб х1укму**

**жидеда бицун ва бич1ч1ун хадубги, ракьалда пасалъи ва зулму гьабулел руго.** Цо напс ч1варав чиясе бугеб х1укму жидеда бицун бугониги, жидеца аварагзаби ч1валел руго.

إِنَّمَا جَزَٰٓؤُاْ ٱلَّذِينَ يُحَارِبُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَيَسۡعَوۡنَ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَسَادًا أَن يُقَتَّلُوٓاْ أَوۡ يُصَلَّبُوٓاْ أَوۡ تُقَطَّعَ أَيۡدِيهِمۡ وَأَرۡجُلُهُم مِّنۡ خِلَٰفٍ أَوۡ يُنفَوۡاْ مِنَ ٱلۡأَرۡضِۚ ذَٰلِكَ لَهُمۡ خِزۡيٞ فِي ٱلدُّنۡيَاۖ وَلَهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿٣٣﴾

**33. Жидеца Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда ﷺ рагъ балел г1адамазе бугеб жаза буго, гьединго ракьалда т1ад пасалъи гьабун, гъачагълъи гьабун хьвадулел г1адамазеги жаза буго: жал ч1вай, яги жал хъарщазда маг1аз рукъи, яги жидер кверги х1ет1еги къот1и, цояб квег1аб цояб кваранаб, яги жал ракьалда т1ад лъутизарун, жидеда хадур лъугьун цо бак1алда ч1езе теч1ого, гьезие г1акъуба гьаби. Гьаб шарг1ияб х1укму буго жидее дунялалда гьабулеб г1одобег1анлъи ва г1азаб. Ва гьезие ахираталда ц1акъ гучаб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: г1урайнат абулеб къавмалъул цо г1адамал жидеца иман лъун Мадинаялда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рач1ун рук1ана. Т1адруссун инелде гьезда цо унти бач1ун, Мадинаялъул раг1алда ругел закаталъул варанаби хьихьун рук1арал г1ухьбузухъе рит1ун рук1ана, гьел варанабазул рахь ва к1ващ гьекъон жидеда бач1араб унти т1аса инабизе. Гьедин рук1ун жал сахлъараб мехалъ варанаби хьихьун вук1арав вехьги ч1ван, гьел варанабиги рачун лъутун ана.

Гьаб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе щведал, хехаб ах1и бан асх1абзаби къват1ире рахъизарун, хадур лъугьана ва кквезеги ккун гьел г1адамал Мадинаялде рачун рач1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас х1укму гьабуна гьезул квералги х1ат1алги къот1изе, бералги рахъизе, цинги хвезег1ан бакъукье рехун тезе. Гьедин къвак1араб тамих1 гьабиялъе г1илла бук1ана гьез чанго к1удияб мунагь ва г1асилъи гьабун бук1ин: муртадлъи, хиянат гьаби, чи ч1вай, ц1огь гьаби. Гьаб х1укмуги шарг1иял х1адал рицун, нилъее насхо гьабураб буго. Берал рахъиги ва цогидаб зулму гьабиги шарг1алда гьукъараб жо буго.

Гьаб аяталда жаниб чанго бат1ияб х1укму бицун буго, цоялда цояб нахърег1изабун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «щибаб зулмуялъе ва пасалъиялъе жиндирго х1укму буго. Цо чи ч1ван вугони къисасалъе жинца ч1варав ч1вала. Жинца цо чиги ч1ван гьесул боц1иги босун бугони, гьев чи ч1вала. Хадуб кварида ван г1адамазда вихьулеб бак1алда тела дагьал къояз, г1адамал х1инкъизе ва гьезие

ваг1за бук1ине. Жинца чи ч1вач1ого боц1и бикъарав чиясул кваранаб квер ва квег1аб х1ет1е къот1ила (ц1огьорасул х1укму хадусан бач1ине буго, гьаб буго гъачагъасул х1укму).

Жидеца г1адамал х1инкъизарулел, амма чи ч1вач1ого, боц1и бахъич1ого нухда ч1ун ругел г1адамал, цо бак1алда ч1езе теч1ого т1уризарун исламияб ракьалдаса къват1ир инарила. Цо г1алимзабаз ва имамзабаз абуна гьел г1адамал туснахъалъур т1амила абун.

إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُوا۟ مِن قَبْلِ أَن تَقْدِرُوا۟ عَلَيْهِمْ ۖ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣٤﴾

34. Жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ аварагсдаги صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рагъ гьабулел, гъачагълъи гьабун халкъалъе къварилъи гьабулел г1адамал, **жидеда т1ад нужер кверщел батилелде тавбо гьабун, квешлъи тун, Аллагьасдасан х1инкъун г1одор ч1ани, гьал г1адамазе нужеца г1акъуба-г1азаб гьабуге. Нужеда лъай х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинца мунагьал рахчулев, жив гурх1улев вук1ин.**

Ибнухат1ибица абуна: «гьав ракьалда пасалъи гьабурав, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва аварагасда صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рагъ гьабурав чи иман лъурав бусурманчи вугони, гьасул Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ хурхарал х1акъал гьесде т1амун тола. Г1адамазда хурхарал х1акъал гьел г1адамазул ихтиялда рук1уна, жидее бокьани т1аса лъугьун тела, жидее бокьани къисас босила ва боц1и-малги бец1изабила. Гьел пасалъаби гьарурал г1адамал капурзаби рук1ун, цинги жидеца иман лъуни ва тавбоги гьабуни – гьездаса кинабго х1акъ т1асан ккола.

Исламалъ цебехун араб кинабго жоялъул х1укму къот1изабула. Мух1амад ибну Ах1мадил Мах1алияс Жалалалда абуна: «Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ «нужеца х1ад гьабуге» абич1ого, «Аллагь гурх1улев вуго»-абун абиялдаса бич1ч1улеб буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир х1акъаздаса т1аса лъугьулев вук1ин, г1адамазул х1акъал гьезул ихтиялда толев вук1инги.

Цо г1алимзабаз абуна, аяталъул загьираб маг1наялде балагьун тавбо гьабурав чиясдаса жив ч1вай, хъорщоде вукъи, х1ет1е къот1и т1аса кколеб буго. Амма квер къот1иялъул масъала балъго хут1улеб буго абун. жидеда Аллагь разилъаял асх1абзаби рекъараб раг1и буго гьеб квер къот1иги тавбо гьабиялдалъун т1аса ккола абураб.

Гьадинав гурх1ел бергьарав ханасе даимго щукру гьабулеллъун рук1ин нилъеда т1адаб буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَٱبْتَغُوٓا۟ إِلَيْهِ ٱلْوَسِيلَةَ وَجَٰهِدُوا۟ فِى سَبِيلِهِۦ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялда хилиплъизе, гьесда г1асилъизе х1инкъа** гьесул г1акъуба-г1азаб нужеда щвеч1ого

бук1ине. **Ва нужеца Аллагьасде г1агарлъулел рахъалги сабабалги т1алаб гьаре,** лъик1аб г1амал гьабун, Аллагь разилъи т1алаб гьабун хьваде. **Ва нужеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **дин ракьалда бук1иналъе г1оло жигьадги гьабе. Гьедин нуж хьвадани нужер абадияб талих1-рохелалда кверщел батила.**

Ибнукасирица абуна: Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб цо аяталда жаниб кинабго шариг1ат бицана: Аллагьасда г1ассилъизе бегьулареблъи бицана, цинги Аллагь разилъи т1алаб гьабун лъик1ал г1амалал гьарун хьвадизе кколеблъиги бицана. Ахиралда кинабго дин, бусурбаби ва исламияб ракь жиндалъун ц1унулеб, ва гьеб исламияб дин ракьалда даим хут1иялъе сабаблъун бугеб, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тущбабазда жигьад гьабе абун амруги гьабуна.

Щал гьел Аллагьасул тущбаби абуни, киналниги гьесда мут1иг1лъиялдаса рахъарал, жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул аварагзабазда عَلَيْهِمُالسَّلَامُ инкар ккурал, Аллагьасде ширк гьабун гьев гуреб жоялъе г1ибадат гьабурал, жидеца х1акъаб, бит1араб Аллагьасул дин тарал г1адамал руго. Гьезда данде рагъ гьабун, гьел иманалде ах1ун, Аллагь цо гьавун, цох1о гьесие лагълъи гьабиялде гьел рачун хьвадулел г1адамал руго жидеца Аллагь разилъи т1алаб гьабулел, лъик1алдалъун амру гьабулел, квешаб жо те абун нагью гьабулел г1адамал.

Цингиги гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде данде ч1ч1арал, гьеб ракьалда т1ибит1изе квалквал гьабулел г1адамазда ярагъ кодоб босун рагъ гьабун жидер боц1и-мал ва черх Аллагьасе бичулел г1адамазда абула мужагьидал абун. Гьал мужагьидазе ахираталда ц1акъ к1удияб даража-макъам буго. Абадияб, жиб даимаб, т1аса унареб бахьибуголъи буго гьеб. Жинда жаниб херлъиги хвелги гьеч1еб, г1олохъанлъи т1аса унареб, лазат, рах1ат даимаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ алжан буго гьеб.

Цоги кант1изе ккараб жо буго: гьаб аяталда жаниб абулеб буго: «нужеца Аллагьасде щвеялъе сабаб т1алаб гьабе»-абун. Гьеб раг1и буго «ٱلْوَسِيلَةَ» абураб раг1и. Гьаб «ٱلْوَسِيلَةَ» абураб раг1иялдаса киналго к1удиял г1алимзабаз маг1на босана Аллагьасе т1аг1ат-г1ибадат гьабун, гьев разилъи т1алаб гьабун хьвади, гьеб буго нуж Аллагьасде г1агарлъиялъе «василат» абун. Гьаб раг1иялъул маг1на гьеч1о нужеца Аллагьасдаги нужедаги гьоркьор жидеца шапаг1ат гьабулел гьоркьохъаби ккве абураб.

«ٱلْوَسِيلَةَ» абураб раг1иялъул цоги маг1на буго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб. Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца дида свалат бит1араб мехалъ, нужеца дие василатги*

*гьаре Аллагьасдаса»- абун. Нижеца абуна: «Я Расулуллагьи ﷺ! Щиб жо бугеб гьеб василат»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Алжаналда жаниб бищун т1адег1анаб даража буго гьеб, цох1о чиясе гурони жиб щолареб. Дир хьул буго гьеб даража дие щвела абун».* Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Ибнуг1аббасицаги абуна: *Аллагьасул свалат салам льеяв аварагас абуна: «Нужеца Аллагьасда гьаре дие «василат» кье абун. щив чияс дие василат гьараниги, дица гьесие ахираталда шапаг1ат, яги нуг1лъи гьабизе буго»*- абун. Х1адис Т1абаранияс бицана.

Как ах1ун хадуб гьабулеб дуг1аялда жаниб буго гьаб василат аварагасе кье абун гьарулеб бак1. Цоги бокьараб бак1алдаги гьеб гьаризе бегьула, хасго аварагасда свалат бит1ун хадуб гьарани, гьесул амру т1убараздасан вук1ина.

Гьаб василат абураб раг1иялда хурхараб, гьелдасан бижараб буго «тавассул» абураб раг1и. Гьаб раг1иялъул маг1на буго жинца г1агарлъи т1алаб гьаби, жив къабул гьави т1алаб гьаби. Киналго г1алимзаби жинда рекъараб раг1и буго хирияв аварагасдалъун ﷺ тавассул гьабизе бегьи гьев ч1аго вугев мехалъ ва жиндир лъик1ал г1амалаздалъун тавассул гьабизе бегьи, ва лъик1ав чиясдасан дуг1а т1алаб гьабизе бегьиги. Гьалдаги тавассулилан абула.

Жодода Аллагь разилъаял Г1умар асх1абасул вас Г1абдуллагьидаса х1адис бицана: Дида Аллагьасул расул ﷺ, жинца абулев раг1ана:

*«Исламалда цересел умматазул лъабго г1олохъанчи сапаралда рук1адго сордо базе абун цо нохъоде лъугьана. Цинги маг1ардаса к1удияб гамач1 бортун бач1ун нохъоялъул к1алт1у бацун, къват1ире рач1ине нух гьеч1ого жанир хут1ана.*

*Цинги гьел г1олохъабаз цоцаде абуна: «Гьанже нилъее щибго сабаб гьеч1о гьаб гамач1алъул къварилъи т1асса ине нилъеца гьабураб лъик1аб г1амал бицун гьелдалъун Аллагьасда гьари гуреб» -абун.*

*Цинги цояс абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дир херал эбел-эмен рук1ана. Дица г1ака беч1арабго гьезие хинаб рахь гьекъезе кьолаан, цогидал лъимал-боц1иги жибго тун. Цо нухалъ ц1ул бак1аризе арав дун рокъов т1ад вуссине ват1ана ва гьел кьижун хадув гурони дун гьезухъе щвеч1о. Дица гьезие хинаб рахь беч1ана ва дун рахь босун вач1иледа дида эбел-эмен кьижун ратана.*

*Дун рахьдал хъабаги кодобе ккун гьезда цеве г1одов ч1ч1ана, ва дида аск1ор ракъун г1одулел лъимал рук1адго, хъах1лъи биччан макьидаса гьел рорч1изег1ан дун гьезухъе валагьун ч1ч1ана. Эбел-инсудаса цебе*

*лъималазе я х1айваназе рахь кьезе дие бокьич1о, гьел макьидаса рорч1изаризеги бокьич1о. Цинги гьел макьидаса рорч1ана ва гьез жидер рахь гьекъана.*
*Я дир Бет1ергьан Аллагь! Гьаб г1амал дица мун разилъи т1алаб гьабун гьабураблъун батани гьелъул х1урмат гьабун дуца нижедаса гьаб къварилъи борхе!»-абун. Гьеб гамач1 дагьабго борхун бач1ана, ва амма г1олохъабазе къват1ире рач1ине нух лъугьинч1о.*
*Цинги к1иабилев г1олохъанчиясги абуна:*
*«Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дир цо яцг1ал йик1ана дие жий ц1акъ йокьарай. Киг1ан дица гьараниги, х1илла гьабуниги жиндаго аск1ове лъугьине гьелъ дун виччач1о. Цо мехалъ хур хун ракъул сонал рач1ана ва чара хун гьей дихъе кумек гьарун яч1ана. Дица гьелъие нусиялда къого (120) динар месед кьуна ва дун аск1ове виччай т1алаб гьабуна. Гьей мут1иг1лъун, гьелъул бохдузда гьоркьове дун лъугьараб мехалъ гьелъ абуна: «Мун Аллагьасдаса х1инкъа ва х1арамаб нухалда гьаб мугьру т1езабуге!» – абун.*
*Цинги дун гьелда аск1оса нахъе къана, гьелъие кьураб меседги гьелъухъго тун. Я дир Бет1ергьан Аллагь! Гьедиг1анго дие йокьарай г1адамалда аск1ове щведалги дудаса х1инкъун дица гьей тун ятани, гьелъул х1урмат гьабун дуца нижедаса гьаб къварилъи борхе!»-абун. Гьеб гамач1 дагьабги борхун ана, амма къват1ире рач1ине нух лъугьинч1о.*
*Цинги лъабабилесги абуна:*
*«Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дица мухьдахъе х1алт1изе г1адамал рачун рук1ана. Х1алт1и т1убараб мехалъ гьезие мухьги кьуна. Цо чи мухь босич1ого ун вук1ана ва дица гьесие кколеб мухь чанго соналъ гьесие хайиралъе х1алт1изабуна.*
*Г1емераб маг1ишат лъугьараб мехалъ вач1ана гьев чи жиндие кколеб мухь босизе ва гьес абуна: Я Аллагьасул лагъ! Дуца дир мухь дихъе кье! – абун. Дица гьесда г1иялги, г1ачиги, варанабиги, лагъзалги рихьизе гьаридалго (гьаб буго дур мухь – абун), гьес абуна: Дун махсароде кквеч1ого дие кколеб мухь кье! - абун. Дица гьесда мун махсароде колев гьеч1о абидал, гьев жиндирго боц1и-малги бачун ана ва щибго жо нахъеги теч1о. Я дир Бет1ергьан Аллагь! Гьаб г1амал дица мун разилъи т1алаб гьабун гьабураблъун батани, гьелъул х1урмат гьабун Дуца нижедаса гьаб къварилъи т1аса босе!» - абун. Гьеб гамач1 жегиги борхун ана ва гьел г1олохъаби нохъодаса къват1ире рач1ана.»-*
абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.
Гьаб х1адисалъ бич1ч1изе гьабулеб буго нилъеда, жив Аллагьасе

г1оло рак1 бац1адго гьабураб г1амалалъул бугеб к1удияб къимат, ва гьелдалъун гьабураб дуг1аги, Аллагьс кин къабул гьабулеб бугеб. Дуг1а гьабиялъул аслу буго щибго жо гьоркьоб кквеч1ого цох1о Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьари. Гьелъие далил къуръаналъул аят буго: (Дуда дир лагъзадерица гьикъараб мехалъ, я Мух1аммад ﷺ, дир х1акъалъулъ, дун ц1акъго г1агарда вуго, дида гьарарав чиясул дуг1аялъе жаваб кьолев вуго. Дуг1а дида гьабун, жаваб кьейги дида гьаре абе. Ва дида иманги лъе абе. Гьадин хьвадани гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разияб нухда т1орит1араллъун рук1ина). (Суратул Бакъарат, 186 аят).

**36. Х1акълъунго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун, купру-ширкалда хьвадун хварал г1адамал, ахираталде щун Аллагьасул г1азаб жидее бук1ин х1акълъараб мехалъ, гьаб кинабго дунялги гьелда релъараб цогиги дунялги ва г1емерал хазинабиги жидее ругониги, гьеб кинабго кьун, Аллагьасул г1азабалдаса хвасарлъи т1алаб гьабилаан. Амма Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьездаса щибго жо къабул гьабуларо ва жидее ц1акъ унтизабулеб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَوْ أَنَّ لَهُم مَّا فِي ٱلْأَرْضِ
جَمِيعًا وَمِثْلَهُۥ مَعَهُۥ لِيَفْتَدُواْ بِهِۦ مِنْ
عَذَابِ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ مَا تُقُبِّلَ مِنْهُمْ ۖ
وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٣٦

Ахираталъул рукъ г1амалазде данде жазаъ гьабулеб рукъ буго ва гьениб Аллагьас кинабг1аги зарал, хиянат гьеч1ого, щивав инсанасул г1амалазул х1исаб-мизан гьабула. Киг1ан к1удияв ханги, киг1ан ч1ух1арав залимги, киг1ан дунял квегъулев вук1арав бугъаги Бет1ергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ цере т1ад рет1ел гьеч1ого, мунагьазул гьиралги раччун, г1ет1улъги т1ерхьун, аск1ов вугев чи щивали валагьизе рег1ич1ого, жиндир эбел-эмен, лъимал к1очон тун ч1олеб къо буго гьеб. Я Аллагь! Ниж гьеб къо к1очараздаса гьаруге.

**37. Жужах1алдаса къват1ир рахъизе бокьун рук1уна гьел г1адамал. Амма жал гьениса къват1ире рахъуларо. Жидее гьеб жужах1алда жаниб даимаб г1азаб бук1уна.**

يُرِيدُونَ أَن يَخْرُجُواْ مِنَ ٱلنَّارِ وَمَا هُم
بِخَٰرِجِينَ مِنْهَا ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ مُّقِيمٌ ٣٧

**38. Жинца жо бикъарав чи ва жинца жо бикъарай ч1ужуг1аданги, нужеца гьезул кверал къот1е, гьез гьабураб ц1огьалде данде жазалъун, Аллагьасул рахъалъан бугеб х1адлъун ва г1акъубалъун.**

وَٱلسَّارِقُ وَٱلسَّارِقَةُ فَٱقْطَعُوٓاْ أَيْدِيَهُمَا
جَزَآءًۢ بِمَا كَسَبَا نَكَٰلًا مِّنَ ٱللَّهِ ۗ
وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ٣٨

**Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго,** жиндир шарг1 хвезе гьабураздаса рец1ел босизе к1оле вуго. **Ва х1укмуялъулъ г1адлу бит1арав, х1икмат-пайда гьеч1еб жо жинца гьабуларев вуго.**

فَمَن تَابَ مِنۢ بَعۡدِ ظُلۡمِهِۦ وَأَصۡلَحَ فَإِنَّ ٱللَّهَ يَتُوبُ عَلَيۡهِۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٌ ٣٩

**39. Жинца зулму гьабун хадуб тавбо гьабурав чи,** жинца ц1огь тарав, цинги лъик1аб г1амалги гьабурав, загьирги бат1инги бац1ц1ад гьабун хьвадарав, **Аллагьас гьесул тавбо къабул гьабула ва гьесие ахираталда г1азаб гьабуларо.** Дунялалда тавбо къабул гьабиялъе шарт1 чияр х1акъ нахъе кьей ва гьев чи т1аса лъугьизави буго. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазда гурх1улев, гьезул мунагьал рахчулев вуго.**

Ибнухат1ибица абуна: «Дунялалъул къанунал х1алт1изарулел пачалихъазда ц1огьорас жо бикъула щибго х1инкъич1ого: Гьесда лъала нагагь ц1огьор вук1ин лъаниги, гьев дагьабго заманаялъ туснахъалде вит1улеблъи. Гьеб туснахъги квенги кьолеб, лъимги кьолеб, унтарасе даруги гьабулеб бак1 бук1ин. Гьениса къват1иве живги вач1уна дагьабги лъик1 ц1огь гьабизе ругьунлъун.

Гьаб амру гьадин бук1иналъе нуг1лъи гьабула къойидаса къойиде квешлъаби г1емерлъулел рук1иналъ ва гьал «г1акъилал», «ц1одорал» пачалихъазул бут1рузда гьелъие дару гьабизеги лъалеб гьеч1олъиялъ. Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир лагъзадерида гурх1улев вуго, гьезие маслих1атаб жо лъалевги вуго. Аллагьасул квер къот1илъун бугеб х1укму хьвадизабулеб х1ижазалъул ракьалда (Макка – Мадина) ц1акъ дагь раг1ула жо бикъун бугин абун, гьениб мискинаб халкъ бугониги. Гьениб квер къот1ана абун къанаг1атгурони хабарги раг1уларо. Гьаб гьеч1ищха Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1укму ц1акъ х1икмат к1удияб бук1иналъе г1аламат!

Шарг1алда рекъон ц1огь абула цо инсанас ц1унун, бахчун бугеб бак1алдасан цоги чияс балъго гьеб жо босиялда. Гьедин жо бикъараб мехалъ ва гьев чи живго мук1урлъун, яги нуг1зал рук1ун гьез нуг1лъи гьабун гьев чияс ц1огь гьаби х1акълъараб мехалъ, шарг1алда рекъон гьесул квер къот1ула, жинца бикъараб жо цо динаралъул ункъил бут1аялъул къимат бугеб жо бугониги. Гьаб заманалъул г1арац-меседалда борцун гьелъул къимат мух1канго бицине дида лъаларо.

Цо г1алимас абуна: Гьаб аяталда жанив ц1огьор цеве рехсон, ц1огь гьабурай г1адан хадуй рехсана. Ц1огь гьаби г1емерисеб бихьиназул г1амал бугелъул гьел кант1изе ва нахъ ч1вазе. Зинаялъул х1ад бицунеб

аяталда зина гьабурай г1адан цее рехсон, зиначи хадув рехсана, руччабаз зина гьаби ц1акъго къабих1аб бук1иналде ишара гьабун. Цоги г1алимас бицана: исламалъул х1укмуялда г1айиб ч1вазе бокьун цо чияс абуна: «шарг1алда рекъон жинца квер къот1арав чиясдаса дияталъе к1икъоялда анц1го варани бахъула. Ц1огь гьабураб мехалъ лъабго диргьамалде данде гьеб квер къот1ун г1одобе рехулеб буго»- абун. Гьасие жаваб гьабун г1алимас абуна: «Гьеб квер жиб аманатлъун бугеб мехалъ, жиндир г1айиб гьеч1еб мехалъ ц1акъ хирияб жо бук1ана. Цинги жинца аманат хвезабун хиянат гьабидалго ц1акъго учузаблъун лъугьана» – абун.

**40. Дуда лъаларищ, я гьав инсан! Х1акълъунго Аллагь вук1ин зобалракьазул ва гьезда жаниб бугеб махлукъаталъул бет1ергьан. Жиндие бокьарав чиясе Аллагьас г1азаб гьабула гьесул мунагьазда рекъараб. Ва жиндие бокьарав чи мунагьазда т1аса лъугьун тола,**

أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ ٱللَّهَ لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ يُعَذِّبُ مَن يَشَآءُ وَيَغْفِرُ لِمَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤٠﴾

жиндир рек1елъ иманги бугони, тавбо гьабун Бет1ергьан Аллагьасда живги вуссани. Куфру-ширк буго Аллагь т1аса лъугьунареб мунагь. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир х1алк1велъи кинабго жоялда г1амлъарав вуго.**

**41. Я гьав бичасул расул** ﷺ**! Мун пашманлъуге цо-цо г1адамал исламияб динги тун, муртадлъун, купруялде ун ругин абун. Гьел г1адамал руго жидер рек1елъ иман бук1инч1ел, мац1аздалъун иман лъунаян абуниги.** Гьел руго мунапикъзаби. Унгого иман лъурал асх1абзаби дуда аск1ор ч1ун, дуе квербакъулел рук1ине руго.

**Ягьудияздасаги руго г1адамал жидеца гьереси бицунел г1адамазул раг1и къабул гьабулел. духье рач1ине ч1ух1арал, мун гьереси гьавун к1алъалел г1адамазухъ г1енеккун, гьезда нахърилълъун ч1арал.** Гьал руго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе унел г1адамал жидеца

۞ يَٰٓأَيُّهَا ٱلرَّسُولُ لَا يَحْزُنكَ ٱلَّذِينَ يُسَٰرِعُونَ فِى ٱلْكُفْرِ مِنَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا بِأَفْوَٰهِهِمْ وَلَمْ تُؤْمِن قُلُوبُهُمْ ۛ وَمِنَ ٱلَّذِينَ هَادُوا۟ ۛ سَمَّٰعُونَ لِلْكَذِبِ سَمَّٰعُونَ لِقَوْمٍ ءَاخَرِينَ لَمْ يَأْتُوكَ ۖ يُحَرِّفُونَ ٱلْكَلِمَ مِنۢ بَعْدِ مَوَاضِعِهِۦ ۖ يَقُولُونَ إِنْ أُوتِيتُمْ هَٰذَا فَخُذُوهُ وَإِن لَّمْ تُؤْتَوْهُ فَٱحْذَرُوا۟ ۚ وَمَن يُرِدِ ٱللَّهُ فِتْنَتَهُۥ فَلَن تَمْلِكَ لَهُۥ مِنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ لَمْ يُرِدِ ٱللَّهُ أَن يُطَهِّرَ قُلُوبَهُمْ ۚ لَهُمْ فِى ٱلدُّنْيَا خِزْىٌ ۖ وَلَهُمْ فِى ٱلْءَاخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿٤١﴾

нахъ ч1валел, ягьудиязул ах1барал (кашишал), **жидеца тавраталда хъвараб жо хисизабулел ва Аллагьасул ﷻ х1укмаби хвезарулел. Гьез абулеб буго гьев аварагас нужее гьаб х1укму гьабуни,** ай кашишаз гьабураб х1укму Тавратги хисизабун. **гьелда нуж разилъе, гьаб гуреб цоги х1укму гьабуни, нуж разилъуге абун.**

Гьаб къиса буго тавраталда бугеб зиначи ч1имхица ч1вазе ккола абураб х1укмуги хвезабун, жидеца гьев чиясда т1илал кьабулеб ва лах1 бахун ч1ег1ер гьавулеб х1укму гьабураблъи бицунеб. Ягьудазул ах1бараз гьадинаб х1укму гьабун бук1ана, гьез Тавраталъул х1укму гьелдасаги ццебе хвезабун бук1ун, гьезул х1акимзабаз бат1и-бат1ияб х1укму гьаби сабаблъун жидеда гьоркьоб бугеб хилап т1аг1изабизеян абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вит1ун, Къуръаналда зиначи ч1имхица ч1вай абун х1укму бач1индал, ягьудазул кашишаз абуна нужеца гьеб х1укму къабул гьабуге. Гьаб нилъеца гьабураб х1укму гьев аварагас гьабулеб гьеч1они, нуж гьесда нахърилълъунге абун.

Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Аллагьас ﷻ жив къосизавурав чи вит1изавизе к1олев чи вук1уларо ва Аллагьасда аск1об гьезул щибго жо гьабизе къуват, гьунарги бук1уларо. Гьел исламияб диналдаса жидеца г1адамал нахъч1валел ах1барал руго Аллагьас ﷻ жидер рак1ал куфру-ширкалдаса рац1ц1ад гьаричlел ва гьаризеги гьеч1ел г1адамал. Гьезие дунялалдаго г1одобег1анлъи бук1ине буго:** исламияб диналде рач1инч1еб мехалъ жидеда т1ад жизятги лъун, жал г1одорег1ан гьарун тезе руго. **Ва гьезие ахираталда ц1акъ к1удияб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

**42. Ц1акъ гьересияб хабаралда г1енеккун гьеб къабул гьабулел, жидеца хъубаб, х1арамаб боц1иги кваналел г1адамал руго гьел ягьудиял:** риба гьабулел, ришват босулел. **Цо х1укму гьабеян абун гьел духъе рач1ани, бокьани х1укму гьабе гьезда гьоркьоб, бокьани гьабичlого те.**

سَمَّٰعُونَ لِلْكَذِبِ أَكَّٰلُونَ لِلسُّحْتِ ۚ فَإِن جَآءُوكَ فَٱحْكُم بَيْنَهُمْ أَوْ أَعْرِضْ عَنْهُمْ ۖ وَإِن تُعْرِضْ عَنْهُمْ فَلَن يَضُرُّوكَ شَيْـًٔا ۖ وَإِنْ حَكَمْتَ فَٱحْكُم بَيْنَهُم بِٱلْقِسْطِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُقْسِطِينَ ﴿٤٢﴾

Гьел г1адамал дуда иманлъун, дуца гьабураб х1укмуялда нахърилълъине бокьун рач1унел гьеч1о. Дуца гьабураб х1укму жидее бокьухъин ккани гьелда разилъизе абун рач1унел руго.

**Мун гьезда гьоркьоб х1укму гьабиялдаса вуссани, гьез дуе щибго зарал гьабуларо.** Аллагьас ц1унула мун гьезул зараладаса. **Ва Дуца гьезда гьоркьоб х1укму гьабуни, гьеб х1укму дуца шарг1алда**

**рекъон, бит1ун гьабе. Х1акълъунго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ жидер г1амалазулъ рит1ухъал г1адамал рокьула.**

وَكَيْفَ يُحَكِّمُونَكَ وَعِندَهُمُ ٱلتَّوْرَىٰةُ فِيهَا حُكْمُ ٱللَّهِ ثُمَّ يَتَوَلَّوْنَ مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ وَمَآ أُو۟لَٰٓئِكَ بِٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٤٣﴾

**43. Кин гьез мун х1акамлъун гьавулев** ва гьел дуца гьабураб х1укмуялда разилъулел, **гьезда аск1об Тавратги бук1аго ва гьениб Аллагьасул х1укмуги бук1адго.**

Жидеда решт1изабураб Тавраталда бугеб х1укмуялда разилъуларел ягьудиял дуца гьабураб х1укмуялда кин разилъулел. **Дуца х1укму гьабун хадур гьел гьелдасаги руссуна: жидее х1акъабжо бокьарал г1адамал гьеч1о гьел. Ва гьел жидеца иман лъуралги гьеч1о.**

إِنَّآ أَنزَلْنَا ٱلتَّوْرَىٰةَ فِيهَا هُدًى وَنُورٌ يَحْكُمُ بِهَا ٱلنَّبِيُّونَ ٱلَّذِينَ أَسْلَمُوا۟ لِلَّذِينَ هَادُوا۟ وَٱلرَّبَّٰنِيُّونَ وَٱلْأَحْبَارُ بِمَا ٱسْتُحْفِظُوا۟ مِن كِتَٰبِ ٱللَّهِ وَكَانُوا۟ عَلَيْهِ شُهَدَآءَ فَلَا تَخْشَوُا۟ ٱلنَّاسَ وَٱخْشَوْنِ وَلَا تَشْتَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِى ثَمَنًا قَلِيلًا وَمَن لَّمْ يَحْكُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْكَٰفِرُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Х1акълъунго дица гьел ягьудиязда Таврат решт1изабуна, гьелда жаниб гьезие т1орит1ел бугеб, ва иман лъурал г1адамазе х1акъаб нух бихьунеб нурги бугеб. Гьеб Тавраталдалъун х1укму гьабула Бануисраилазул киналго аварагзабаз, жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун, гьесул х1укмуялда нахърилълъун хьвадулел. Гьеб х1укму гьабула Тавраталда иман лъурал г1адамазе. Гьединго жидеца хисизабич1ого Таврат нахъц1унарал ах1барацаги ва г1алимзабацаги гьабула гьеб Тавраталда рекъон х1укму, жидеца гьеб ц1унун бук1ун ва гьел жидеда Таврат лъалел рук1ун.**

Гьаб амру гьадин бугелъул гьеб Тавраталда бугеб х1акъаб жо бицине ва Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммадил сипатал рицинеги **нуж г1адамаздаса х1инкъуге. Нуж дидаса х1инкъа, я гьал ягьудиязул г1алимзаби! Ва нужеца гьеб тавратги хисизабун, гьелъул х1укмабиги ричун дунялалъул дагьабго боц1и босуге.** Кигlан г1емераб бугониги гьеб дунялалъул боц1и х1акъираб жо буго, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам жиндихъе бичизег1адаб жо гьеч1о. **Жидеца Аллагьас рещт1изабураб х1укмуялдалъун х1укму гьабуларел г1адамал капурал г1адамал руго.**

Замахшарияс абуна: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1укмуялдалъун жидеца х1укму гьабуларел г1адамал, гьеб жидеда г1одобег1анлъун бихьун, гьел г1адамал капурал, пасикъал залимал г1адамал руго. Аллагьасул

х1укмуги тун цоги х1укму жидеца гьабурал г1адамал жидер купруялъулъ т1ерхьарал, ц1акъ залимал, ч1ух1арал г1адамал руго. Гьаб аят загьиралда бануисраилазда рещт1араб бугониги, жиндир х1укму кинабго умматалъе г1аммаб буго.

وَكَتَبْنَا عَلَيْهِمْ فِيهَا أَنَّ النَّفْسَ
بِالنَّفْسِ وَالْعَيْنَ بِالْعَيْنِ وَالْأَنفَ بِالْأَنفِ
وَالْأُذُنَ بِالْأُذُنِ وَالسِّنَّ بِالسِّنِّ
وَالْجُرُوحَ قِصَاصٌ ۚ فَمَن تَصَدَّقَ بِهِ
فَهُوَ كَفَّارَةٌ لَّهُ ۚ وَمَن لَّمْ يَحْكُم بِمَا
أَنزَلَ اللَّهُ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьеб таврataлда жаниб дица ягьудиязе парз гьабуна къисас боси: напс напсалъухъ ч1вазе, бер беральухъ бахъизе, мег1ер мег1ералде данде къот1изе, г1ин г1иналде данде къот1изе, ца цаялде данде бахъизе. Ругьнал гьарун ругони гьезулги къисас босизе. Жинца рец1ел босулев чияс къисас т1аса лъугьун тани, гьеб жиндаса къисас босулесе кафарат буго** жинца къисас босулесе ажро-кириги буго.

Гьаб буго Ибнуг1аббасица гьабураб маг1на. Т1абарияс абуна: «Гьеб т1аса лъугьин жив т1аса лъугьарасе кафарат буго, Аллагьас гьесул мунагьал рахчулеб жив т1аса лъугьиналъе г1оло»-абун.

**Жидеца Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **рещт1изабураб х1укмуялдалъун х1укму гьабуларел г1адамал зулму гьабулел г1адамал руго,** гьез Аллагьасул шарг1алда хилиплъи гьабун бугелъул.

Гьаб къисас боси нилъер исламияб шарг1алдаги гьаб х1алалда буго. Ракьа бекизаби, гьаналда ругъун гьаби, цогиги г1емер масъалаби руго къисас босизе данде кколарел, жидер дият бахъулел, х1ажат ккараб мехалъ г1алимзабазде аск1оре ун, гьезда гьикъун лъазабизе ккела.

وَقَفَّيْنَا عَلَىٰ آثَارِهِم بِعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ مُصَدِّقًا
لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ التَّوْرَاةِ ۖ وَآتَيْنَاهُ الْإِنجِيلَ
فِيهِ هُدًى وَنُورٌ وَمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ
مِنَ التَّوْرَاةِ وَهُدًى وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Дица бануисрилазул цересел аварагзабазда хадув, Марьямил вас Г1иса** عَلَيْهِ السَّلَامُ **авараг вит1ана, жинца таврат рит1ухъ гьабулевлъун. Ва гьесухъе Инжилги кьуна, жинда жаниб умматалъе т1орит1ел ва нур бугеб, жинца Тавратги рит1ухъ гьабулеб. Жиб умматалъе т1орит1еллъун бугеб ва Аллагьасдаса х1инкъарал г1адамазе ваг1залъунги бугеб.**

وَلْيَحْكُمْ أَهْلُ الْإِنجِيلِ بِمَا أَنزَلَ اللَّهُ فِيهِ ۚ
وَمَن لَّمْ يَحْكُم بِمَا أَنزَلَ اللَّهُ فَأُولَٰئِكَ
هُمُ الْفَاسِقُونَ ﴿٤٧﴾

47. Дица Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда ва гьесда нахърилълъараздаги амру гьабуна, **нужеца гьаб Инжилалда жаниб Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **рещт1изабураб**

**жоялдалъун х1укму гьабе абун. Ва жидеца Аллагьас рещт1изабураб х1укмуялдалъун х1укму гьабуларелги пасикъал г1адамал руго-абун,** жал къосарал, Аллагьасде ﷻ иман лъеялдаса ва гьесие мут1иг1лъиялдаса рахъарал.

Т1адег1анав Аллагьас гьаб лъабго аяталда жаниб (44, 45, 47) такрар гьабуна Аллагьас рещт1изабураб жоялдалъун х1укму гьабич1ев чи «капурав вуго», «залимав вуго», «пасикъав вуго» абун. Г1алимзабаз абуна: «Капурав вуго» абураб раг1и бусурбабазда абураб бугин, «залимав вуго» абураб раг1и ягьудиязда абураб бугин, «пасикъав вуго» абураб раг1и насраниязда абураб бугин. Кин бугониги гьаб лъабго раг1иялъул маг1на цо буго: Аллагьас ﷻ рещт1изабураб жоялдалъун х1укму гьабич1ев чи вуго гьев.

Тафсиралъул г1алимзабаз гьабураб маг1на данде бак1арун х1асил гьабураб мехалъ гьаб гьелдаса бич1ч1улеб жо буго Аллагьасул ﷻ дин г1одобег1ан гьабун, гьеб диналда бугеб х1укмуги рехун тун жиндие бокьараб х1укму гьабурав чи киналго г1алимзаби рекъон капурав, залимав, пасикъав вуго.

Аллагьасул диналда жаниб жиндие х1укму батич1еб жо г1алимзабазул ижтигьаталдалъун х1укму гьабун гьабула ва гьеб х1укму гьаби гьал аятазда бицараб куфру, зулму, пискъу бук1уларо.

Г1адамаца ургъарал къануназул х1укму Аллагьасул х1укмуялде данде кколеб гьеч1они, Аллагьасул х1укму хвезабулеб бугони, гьеб къануналъул х1укму бусурманчияс къабул гьабизе бегьуларо ва гьес Аллагьасул ﷻ х1укму т1аса бищизе ккола. Аллагьасул х1укмуялдалъун х1укму гьабизе ресги бук1аго, къануналда нахъ вилъун, шарг1алъул х1укмуялда хилапаб х1укму жинца гьабулев, яги жинца гьеб х1укму разилъун къабул гьабулев чиги капурав, залимав, пасикъав чи вуго.

Жинда т1ад зулму бук1ун къануналда мут1иг1лъарав, амма жиндир рак1алъе гьеб къанунги рихун вугев чи капурав, залимав, пасикъав вук1унаро. Гьаб масъала ц1акъ к1вар гьабизе ккараб бугониги, г1адамаз ц1акъ мугьмалго тараб масъала буго. Гьеб гьедин бук1иналъул г1айиб ц1аларал чаг1азул буго. Жидеда жо лъалеллъун ч1ун, г1адамазе нухал лъун, гьел жидеца къосизарулел ва жалгоги къосарал. Гьал жагьилал ц1аларал г1адамаз абулеб буго: «Т1ад тарав х1акимасе мут1иг1лъизе ккола, ханасе мут1иг1лъизе ккола» – абун. Амма гьез абулеб гьеч1о гьев ханги бусурбабазул вук1ине кколин, гьев х1акимги бубсурбабаз жидеда т1ад тарав вук1ине кколин ва гьес гьабулеб х1укмуги шарг1ияб бук1ине кколин абун.

Капурзабазул зулмуялде гьоркье ккарал бусурбаби гьезул зулмуялда

разилъун рук1ине бегьуларо. Жидер х1ал к1веч1ого, зулму бергьун ккараб мехалъ къануналда нахърилълъизе г1узру ва рухса бук1ула. Щибго зах1малъи баччич1ого, сундаго ургъич1ого, х1айванал г1адин мут1иг1лъун бусурбаби рук1изе бегьуларо. Жидер Бет1ергьан щив вугев, жал щиб мурадалда рижун ругел, жидеца щив рази гьавизе ккolевали лъазе ккола. Гьаб дунялалда балеб ц1акъ дагьаб замналъул рах1ат, лазат т1аса бищун, ахираталда абадияб жужах1алде бусурманчи ине бегьиларо.

Ибнухат1ибица абуна: инсан ц1акъ г1ажаибаб жо буго. Ягьудиязда г1емерал аварагзаби рит1ана, Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагги вит1ана. Гьесухъе Таврат кьуна ва гьесие г1емерал ва к1удиял муг1жизаталги кьуна. Амма ягьудияз гьеб тавраталде г1амал гьабич1о ва гьелда нахърилълъинч1о. Насраниязе авараглъун Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьавуна. Гьесулги г1емер муг1жизатал рук1ана: хварал ч1аго гьари г1адаб ва ракьул х1инч1 гьабун гьелда рух1 лъей г1адаб. Г1иса аварагасухъе инжил кьуна гьелда х1укму гьабе абун. Насраниязги Инжилалда х1укму гьабич1о ва гьелда нахърилъинч1о.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагги вит1ун ва гьесде хирияб Къуръанги рещт1изабун, гьаб умматалдаги Къуръаналда нахърилълъин, гьелдалъун х1укму гьаби т1ад гьабуна. Амма умматалъул г1емерисел г1адамал Къуръан ц1алиялъул, махраж-тажвидалъул х1укмаби ц1ехезе, берцинал макъналгьарун Къуръан ц1ализе ях1 бахъулел руго. Къуръаналда бугеб жоялда г1амал гьабулел, гьелдалъун х1укму гьабулел г1адамал ц1акъ дагьал руго. Щайт1аналъ гуккун гьезие къимат дагьал умурал берцин рихьизарун руго ва х1акъикъаталдаса гьел гъапул гьарун руго.

وَأَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ مُصَدِّقًا
لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ وَمُهَيْمِنًا
عَلَيْهِ فَٱحْكُم بَيْنَهُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ وَلَا تَتَّبِعْ
أَهْوَآءَهُمْ عَمَّا جَآءَكَ مِنَ ٱلْحَقِّ لِكُلٍّ جَعَلْنَا
مِنكُمْ شِرْعَةً وَمِنْهَاجًا وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ
لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَلَٰكِن
لِّيَبْلُوَكُمْ فِى مَآ ءَاتَىٰكُمْ فَٱسْتَبِقُوا۟
ٱلْخَيْرَٰتِ إِلَى ٱللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا
فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Дица дуда къуръан рещт1изабуна, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, х1акъаб исламияб дин жинда жаниб бугеб. Жинда церехун рук1арал т1ахьалги рит1ухъ гьарулеб ва гьел т1ахьазда т1ад хьаравуллъунги ва нуг1лъунги бугеб.**

Киналго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ т1ахьазда жаниб бугеб берцинаб, лъик1аб жо Къуръаналда жанибги буго. **Дуца г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабе Аллагьас рещт1изабураб жоялдалъун. Мун гьел г1адамазе бокьараб жоялда нахъги вилълъунге, духъе бач1араб х1акъаб Къуръанги**

**г1одоб тун.**

**Щибаб умматалъе дица шариг1ат гьабуна ва нухги гьабуна,** жидер заманаялда, х1алалда, бак1алда рекъараб. Гьаб шариг1ат буго дунялалъул ч1аголъиялда хурхараб жоялъулъ бугеб. Ва амма кинабго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъул аслу цо буго: Аллагь цо гьави, гьесул аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рит1ухъ гьари ва ахир къо бук1иналда иман лъей, жиндилъ х1исаб-мизан ва жазаъ гьабулеб.

**Т1адег1анав Аллагьасе бокьун бук1арабани нуж киналго цо умматлъун гьарилаан ва цох1о шариг1аталдаги телаан.** Цингиги Аллагьасе гьелдалъун я зарал, я хайир гьеч1о. **Кинниги нужер шариг1ат бат1и-бат1ияб гьабуна нужер х1албихьи гьабизе нужехъе кьураб жоялдалъун, мут1иг1авги, г1ассиявги лъазе.**

**Нужеца лъик1аб жоялде хехго щвезе ях1 бахъе.** Гьеб Аллагьасда мут1иг1лъи ва гьесул шарг1алда нахърилълъин буго. **Нуж киналго ахираталда Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ руссунел руго ва гьениб бицизе буго дунялалда нуж хилиплъун рук1араб жо:** нужер диналъул амру гьениб баянлъизе буго ва нужее жазаъ гьабизе буго.

49. Ва дуда дица амру гьабуна, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**! гьел г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабе абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуда рещт1изабураб Къуръаналдалъун ва мун гьезул мурадазда нахъвилълъунге абун. Мун ц1уне, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, квешаб къавмалъ макру гьабун Аллагьас дуде рещт1изабураб цо-цо жоялдаса мун вуссинавиялдаса. Дуца гьабураб х1укмуялда рекъеч1ого гьел г1адамал нахъе ани ва жидее цоги х1укму бокьани, дуда лъай Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьун бук1ин гьезие г1азаб гьаби гьезул цо-цо мунагьазде данде. Х1акълъунго г1емерисел г1адамал пасикъал руго.**

وَأَنِ ٱحۡكُم بَيۡنَهُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ وَلَا تَتَّبِعۡ
أَهۡوَآءَهُمۡ وَٱحۡذَرۡهُمۡ أَن يَفۡتِنُوكَ عَنۢ بَعۡضِ
مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ إِلَيۡكَۖ فَإِن تَوَلَّوۡاْ فَٱعۡلَمۡ أَنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ
أَن يُصِيبَهُم بِبَعۡضِ ذُنُوبِهِمۡۗ وَإِنَّ كَثِيرٗا مِّنَ
ٱلنَّاسِ لَفَٰسِقُونَ ٤٩

Аллагьасе мут1иглъуларел, х1акъаб жоялда инкар кколел, г1асилъабазулъ даимлъулел руго.

**50. Дуца гьабураб х1укмуялда разилъич1ого жагьилияб заманалъул х1укмуйищха гьезие бокьун бугеб?** Жиндилъ щибго бащалъи гьеч1еб,

أَفَحُكۡمَ ٱلۡجَٰهِلِيَّةِ يَبۡغُونَۚ وَمَنۡ أَحۡسَنُ مِنَ
ٱللَّهِ حُكۡمٗا لِّقَوۡمٖ يُوقِنُونَ ٥٠

рац1ц1алъиги гьеч1еб, жидерго напсазе бокьухъен гьабулеб буго гьеб жагьилияб х1укму. **Жидеца Аллагьасда иман лъун, гьев рит1ухъ гьавулел г1адамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабуралдаса берцин х1укму гьабулев щивха вугев?**

Сайид Къут1буца абуна: жагьилияб х1укму буго инсанас инсанасе гьабулеб х1укму, цо г1адамаз цоги г1адамазе лагълъи гьаби. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1ин, гьев бет1ергьан ва хан вук1ин к1очон тей. Аллагьасе гьабулеб лагълъи тун, г1адамазе лагълъи гьаби. Гьеб х1укму гьабулеб бак1 буго к1ийиде нух бикьулеб бак1, цоги лъабабилеб нух жидее гьеч1еб.

Х1укму Аллагьасул бук1ина ва гьесул шарг1алда рекъон г1адамаз ч1аголъи гьабила. Яги жагьилияб х1укму бук1ина: жидер гьаваялда нахърилъун, щайт1аналъул нухал ккун, Аллагьасе лагълъи гьаби тун жиб бук1инеб. Жагьилияб заман абулеб жо цебе араб, яги хадуб бач1унеб заман гьеч1о. Жагьилияб заман буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шарг1 тун, гьесие мут1иг1лъи тун, г1адамал жидецаго ургъарал къануназде г1амал гьабун хьвадулеб заман абун.

۞يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّخِذُواْ ٱلۡيَهُودَ وَٱلنَّصَٰرَىٰٓ
أَوۡلِيَآءَۘ بَعۡضُهُمۡ أَوۡلِيَآءُ بَعۡضٖۚ وَمَن يَتَوَلَّهُم مِّنكُمۡ
فَإِنَّهُۥ مِنۡهُمۡۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ٥١

**51.** Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: Рифаг1ат ибну Зайд ва Сувайд ибну Алх1арис абулев к1иго чи исламалде рач1ун рук1ана. Хадуб муртадлъана. Бусурбабазул цо-цо г1адамаз гьездехун гьалмагълъи гьабулеб бук1ана, цинги Аллагьас аят рещт1ине гьабуна: **«Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца ягьудиял ва насраниял гьудулзабилъун ккоге. Гьел к1иялго цоцазе гьудулзаби руго** ва бусурбабазе тущбаби руго: капурзаби киналго цо миллат буго. **Нужеда гьоркьоса жидеца гьел ягьудиял ва насраниял гьудулзабилъун кколел г1адамал гьездасан руго. Х1акълъунго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ** къосараб **залиамаб къавм бит1араб нухде т1обит1уларо.**

Ибнухат1ибица абуна: гьаб раг1иялъ т1орит1ел гьабулеб буго капурзаби рокьи, гьел гьудулзабилъун кквей куфру бук1иналде. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: «Гьел гьадулзабилъун ккурал г1адамал гьездасан руго» – абун. Мун х1инкъа, Аллагь гурх1аяв, гьезулгун гьудуллъи гьабизе. Исламалъе ва бусурбабазе бищунго к1удияб зарал гьабураб, гьел лагълъиялда ва г1одорег1анлъиялде ккезарураб жоги буго бусурбабазе капурзаби рокьи. Капурчияс дудехун загьир гьабулеб рокьи мун гукки ва нифакъ буго. Аллагь жидеда лъалел, гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабулел г1адамал руго

бусурбабазул гьудулзаби.

فَتَرَى ٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ يُسَٰرِعُونَ فِيهِمْ
يَقُولُونَ نَخْشَىٰٓ أَن تُصِيبَنَا دَآئِرَةٌ ۚ فَعَسَى ٱللَّهُ أَن
يَأْتِيَ بِٱلْفَتْحِ أَوْ أَمْرٍ مِّنْ عِندِهِۦ فَيُصْبِحُوا۟ عَلَىٰ
مَآ أَسَرُّوا۟ فِىٓ أَنفُسِهِمْ نَٰدِمِينَ ﴿٥٢﴾

**52. Жидер рак1азулъ нифакъ бугел г1адамал рихьула дуда гьел капурзабазул гьудуллъи гьабизе г1едег1улел. Гьез абула гьаб исламияб дин цебе инч1они, Мух1аммадил ﷺ ва асх1абзабазул رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ амруги бергьинч1они, ниж х1инкъула ягьудияз нижее къварилъи гьабилин абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазе квербакъила Макка бахъиялдалъун, гьесул тущбабиги гьалаг гьарила:** нуж рагъич1ого жиндирго амруялдалъун. Гьезул рак1азулъ х1инкъи рехун ва гьел исламалде рач1ун, яги жизят кьезе мут1иг1лъун. **Цинги гьал мунафикъзаби ц1акъ пащманлъизе руго ягьудиязда ва насраниязда гьабураб гьудуллъиялда ва муъминзабазе гьабураб хиянаталда.**

وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَهَٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ أَقْسَمُوا۟ بِٱللَّهِ
جَهْدَ أَيْمَٰنِهِمْ ۙ إِنَّهُمْ لَمَعَكُمْ ۚ حَبِطَتْ أَعْمَٰلُهُمْ
فَأَصْبَحُوا۟ خَٰسِرِينَ ﴿٥٣﴾

**53.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мунафикъзабазул х1ал жидее загьир гьабураб мехалъ ва муъминзабазе квербакъи гьабун гьел капурзабаздаса бергьараб мехалъ: **жидеца иман лъурал г1адамаз мунапикъазул х1акъалъулъ абила: Гьал г1адамалищха рук1арал, я гьал ягьудиял: нужее ц1акъ гьаял гьедун рук1арал ниж нужгун руго»** – абун.

Нужее квербакъизе, нужеда рагъ гьабуни нужгун цадахъ рагъизе. Ай гьал г1адамаз нужее квербакъич1огурищ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж г1одорег1ан гьарулеб мехалъ. Гьеб раг1иялъе цоги маг1на гьабуна г1алимзабаца: жидеца иман лъурал г1адамаз абила: «Гьал г1адамал рук1ун ругоха нилъ гуккулел рук1арал жал муъминзаби руго абун. Гьедин гьаялги гьедулел рук1арал». **Гьал мунафикъзаби руго жидер кинабго г1амал г1адада хварал ва дунялалдаги ахираталдаги ч1орого хут1арал г1адамал.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَن يَرْتَدَّ مِنكُمْ عَن دِينِهِۦ
فَسَوْفَ يَأْتِى ٱللَّهُ بِقَوْمٍ يُحِبُّهُمْ وَيُحِبُّونَهُۥٓ أَذِلَّةٍ
عَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ أَعِزَّةٍ عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ يُجَٰهِدُونَ
فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ وَلَا يَخَافُونَ لَوْمَةَ لَآئِمٍ ۚ ذَٰلِكَ فَضْلُ
ٱللَّهِ يُؤْتِيهِ مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٥٤﴾

**54. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужедаса цо къавм муртадлъани** ай исламияб дин тун куфруялде руссани, Гьеб муртадлъиялъул зарал жидеего буго. Ва муъминзабазе гьелдасан щибго заралги гьеч1о **Аллагьас цоги къавм гьабила гьезул бак1алда,**

**Аллагьасе жал рокьулел ва Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ жидее вокьулел. муъминзабазда гурх1ун, гьезие х1елун рук1унел. Капурзабазда данде ц1акъ гучал ва бах1арчиял рук1унел.**

Гьаб буго камилал муъминзабазул сипатал: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьарасе жив х1елун вук1унев, гьесда инкар ккуразе жив тущман вук1унев. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цо муъминчи вокьун вук1иналъе г1аламатги буго гьев муъминзабазда гурх1ун, х1елун, гьезие тамахлъун вук1ин. Капурзабазда ва мунафикъзабазда данде гъалбац1 г1адин вук1ин.

**Жидеца Аллагьасул диналъе г1оло жигьад гьабулел ва гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун г1амал гьабураб мехалъ гьезда г1айиб ч1ван к1алъалел г1адамаздаса х1инкъуларел,** жидер иман камилал, Аллагьасул амруялда данде щибго жо бачунарел. Гьединаб иманалъул камиллъи ва гьал берцинал т1абиг1атал **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие вокьарав чиясе кьолеб хиралъи ва т1ок1лъи буго. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир ц1об-рах1мат г1ат1идав, лагъзадерие гьабулеб х1укму лъалев вуго.**

Гьаб аяталда жаниб аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ муг1жизат буго цо къавм муртадлъизе бук1ин бицин. Гьедин муртадлъарал г1емер рук1ана. Гьезул цояв вуго Мусайламат абулев гьерсихъан. Гьев Мусайламатица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе кагъат хъвана: «Аллагьасул расул Мусайламатихъан Аллагьасул расул Мух1аммадихъе: гьаб ракь бащадаб дие буго, бащдаб дуе буго» – абун. Гьесие жаваб гьабун Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагас хъвана: «Аллагьасул расул Мух1аммадихъан гьерсихъан Мусайламатихъе: кинабго ракь Аллагьасул буго, Аллагьас жиндие бокьарав чиясе ирсалъе кьола гьеб ракь. Жинда Аллагь разияб ахир гьесдаса х1инкъарал г1адамазе бук1изе буго»- абун.

Аллагьасул тущман Мусайламат ч1вана жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1аб халипалъун вугеб мехалъ. Жинца гьев ч1варав чи вуго Вах1ши абулев асх1аб, жив мушрик вугеб мехалъ, Аллагь разилъаяв Х1амзат жинца ч1варав. Цинги гьав Вах1шица абулаан: «Дун жагьилав вугеб мехалъ дица г1адамазул бищунго лъик1ав ч1вана, дун исламалде вач1араб мехалъ г1адамазул бищунго квешавги ч1вана дица» – абун.

Ибнухат1ибица абуна: «Муъминчиясе Аллагь вокьи нилъеда лъалеб дунялияб рокьиялдаса бат1ияб рокьи буго. Масала, инсуе вас г1адин вокьуларо – гьев вас инсул г1амалалдаса вугелъул. Васасе эмен г1адинги вокьуларо – гьев эмен вас вижиналъе сабаблъун вугелъул. Боц1и-мал г1адинги вокьуларо – гьеб жиндир х1алт1ул х1асил

бугелъул. Ч1ужуялъе рос г1адин вокьуларо – гьев жий хьихьулев ва т1ойит1улев вугелъул. Цоги щиб сабаб бугониги гьеб сабаб хал гьабунги вокьуларо Аллагь ﷻ: гьелъул маг1на бук1ина гьеб сабаб т1аса ани дуе Аллагь вокьизе гьеч1о абураб. Щибго жо хал гьабич1ого, гьев Аллагь ﷻ Аллагь вук1иналъул хал гьабун вокьизе ккола. Щиб жо гьесул рахъалъан дуде т1аде бач1аниги, гьелдаса рази вук1ине ккола, гьаб жо дир Бет1ергьан Аллагьасдаса бугеб ниг1матниги, х1албихьиниги буго абун.

Жегиги дуда лъай, дудаса Аллагь разилъаяв, Аллагьасул тущбаби рихинги Аллагь вокьи буго. Аллагьасда г1асилъулел, гьесул шарг1алда рит1ун хьвадуларел г1асиял, пасикъал г1адамал рихинги, гьезда рагъ гьабиги Аллагь ﷻ вокьи буго. Дуца рази гьаризе кколел, дуе рокьизе кколел ва мун жидеда гурх1изе кколел г1адамал муъминзаби руго. Г1аммабго х1алалъ нилъее бокьизе кколеб, нилъеца Аллагьасда гьаризе кколеб жо буго, Аллагьас ﷻ жиндир лагъзал исламияб диналде т1орит1и, ракьалдаса куфру-ширк, зулму т1аг1и ва цох1о Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьаби хут1и.

Аллагьас нилълъ жив разиял лагъзаллъун гьареги. Амин.

**55. Х1акълъунго нужер вали ва нужее вокьизе кколев чи Аллагь ﷻ вуго, хадув гьесул расулги вуго ва киналго муъминзабиги руго. Жидеца паризаяб** إِنَّمَا وَلِيُّكُمُ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤْتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُمْ رَٰكِعُونَ ﴿٥٥﴾ **как** х1укъукъал т1уран жамаг1аталда **балел, жидеда т1алъараб закатги кьолел, дие т1аг1ат-г1ибадат гьабун, дие х1елун, мут1иг1лъун жал рук1унел.**

**56. Щал ругониги жидер валилъун ва жидее вокьулев гьудуллъун Аллагь ﷻ ккурал ва гьесул расулги ﷺ ккурал, хадур киналго муъминзабиги ккурал,**-гьал وَمَن يَتَوَلَّ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ فَإِنَّ حِزْبَ ٱللَّهِ هُمُ ٱلْغَٰلِبُونَ ﴿٥٦﴾ г1адамал руго Аллагьасул къокъа, гьаб щайт1аналъул къокъа гьеч1о. **Х1акълъунго Аллагьасул къокъа гьесул тущбабаздаса бергьизеги руго.** Дунял-ахираталда жидер лъик1лъиялда кверщел батулелги руго.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузаридаса х1адис бицана: *«Дир гьудулас, Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагас, дида амру гьабуна анкьго жоялдалъун:*

1) *мискинзаби рокьи, гьезда аск1ове г1агарлъиялдалъун.*

2) *Дун валагьеян амру гьабуна бечелъиялъул рахъалъан дидаса*

*г1одовег1ан вугесда, дидаса т1адег1анав бечедав чиясда валагьуге абунги абуна.*
*3) Дица г1агарлъиялъулгун рах1му, гурх1ел-ц1об хурхизабе абунги амру гьабуна, гьез дида мугъ бан бугониги.*
*4) Щивго чиясдаса щибго жо гьаруге абунги амру гьабуна.*
*5) Дица х1акъаб жо абе абунги амру гьабуна гьеб х1акъаб жо киг1анго кьог1аб бугониги.*
*6) Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *г1оло гьабулеб г1амалалъулъ г1адамаз ч1валеб г1айибалдаса х1инкъуге абунги амру гьабуна.*
*7) Дица «Ла х1авла вала къувата илла биллагь»- абураб рag1и г1емер абе абунги амру гьабуна»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Т1адег1анав Аллагьасул каламалъ ва аварагасул х1адисалъ нилъее баян гьабулеб буго Аллагьасул диналъул к1вар гьабулев, Аллагьасдаса х1инкъулев чи г1адамаз ч1валеб г1айибалдаса х1инкъулаpевлъи, гьев бит1араб, х1акъаб нухда вугеб мехалъ. Г1адамазул г1айибалдаса инсан х1инкъулеб заман буго жиндир иман камиллъич1еб заман.

Г1адамалги, Аллагьги рази гьавизе абун лъугьарав чи вуго жиндаса гьабун бажарулареб иш т1аде босарав чи. Цох1о Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, гьесдаса х1инкъун, г1адамазул рag1ул хал гьабич1ого хьвадарав муъминчи Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ вокьула, гьесдаса Аллагьги разилъула, гьев чи Аллагьас муъминзабазеги вокьизавула. Амма г1адамал разилъи т1алаб гьабурав чи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жив разилъиялдаса рик1к1ад гьавула.

Аллагьас нилъ ц1унаги гьаб мукъсанлъиялдаса.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّخِذُواْ ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُواْ دِينَكُمۡ هُزُوٗا وَلَعِبٗا مِّنَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ مِن قَبۡلِكُمۡ وَٱلۡكُفَّارَ أَوۡلِيَآءَۚ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَ ٥٧

**57. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца нужер дин махсароде гьабулел, гьелда т1ад релъанхъулел г1адамал гьудулзабилъун ккоге. Гьел г1адамал руго жидехъе Инжил Таврат кьурал г1адамазда гьоркьор ва цогидал капурзабазда гьоркьорги.** Гьал г1адамал гьудуллъун кквей буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тущбаби гьудулзабилъун кквей.

Нужеда т1адаб буго гьал г1адамазда ццим бахъине, гьел нужедаса рик1к1ад гьаризе ва гьезда рагъ гьабизе. **Нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъа** куфарал ва мушрикал, гьединго г1асиял, пасикъал г1адамал гьудулзабилъун кквезе, **нуж х1акъикъиял иман лъурал**

**г1адамал ратани.**

وَإِذَا نَادَيْتُمْ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ ٱتَّخَذُوهَا هُزُوًا وَلَعِبًا ۚ
ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَعْقِلُونَ ﴿٥٨﴾

**58. Нужер дин махсароде гьабулез нужеца как ах1араб мехалъ гьеб ах1и г1одобег1ан ва махсароде гьабула. Гьедин хьвади буго гьел ах1макъал г1адамал рук1иналъул г1аламат:** жидеда Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ лъаларел, гьесие балеб какги лъаларел, гьелъул маг1на-х1икматги бич1ч1унарел.

Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицун абуна: Аллагьасул лаг1нат жидеда бугел ягьудияз х1асад гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда, гьесул асх1абзабаз как ах1улеб раг1араб мехалъ ва гьез абуна: «Гьав щив, жив аварагилан вугев чи, цониги аварагзабаз гьабич1еб бидг1аяб жо гьабулев? Гьаб х1амил г1адаб ах1дейги щиб, гьаб щиб къабих1аб гьаракь» – абун.

قُلْ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ هَلْ تَنقِمُونَ مِنَّآ إِلَّآ أَنْ
ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْنَا وَمَآ أُنزِلَ مِن قَبْلُ
وَأَنَّ أَكْثَرَكُمْ فَٰسِقُونَ ﴿٥٩﴾

**59. Дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: Я гьал ягьудиял ва насраниял! Нужеца нижеда г1айиб ч1валеб жо бугищ нижеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъей гуреб? Гьединго нижеде рещт1изабураб Къуръаналдаги гьелда цере рещт1изарурал т1ахьаздаги иман лъей гуреб,** гьеч1о цоги нижеда г1айиб ч1ваялъе г1илла ва х1ужа. **Гьаб нижеда г1айиб ч1ваялъе г1илла буго нужер г1емерисел пасикъзаби рук1ин.**

Нужеца нужехъе рещт1изарурал т1ахьазда г1амал гьабулеб гьеч1о, гьаб Къуръанги гьав аварагги рит1ухъ гьавулев гьеч1о. Гьеб нужер пасикълъиялъул гучалъ нужее муъминзаби рокьулел гьеч1о, жидеца иман лъурал ва жидеца киналго аварагзабиги гьезухъе рещт1изарурал т1ахьалги рит1ухъ гьарурал.

قُلْ هَلْ أُنَبِّئُكُم بِشَرٍّ مِّن ذَٰلِكَ مَثُوبَةً عِندَ ٱللَّهِ ۚ مَن
لَّعَنَهُ ٱللَّهُ وَغَضِبَ عَلَيْهِ وَجَعَلَ مِنْهُمُ ٱلْقِرَدَةَ
وَٱلْخَنَازِيرَ وَعَبَدَ ٱلطَّٰغُوتَ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ شَرٌّ مَّكَانًا
وَأَضَلُّ عَن سَوَآءِ ٱلسَّبِيلِ ﴿٦٠﴾

**60.** Нужеца нижеда г1айиб ч1валеб жо (ниж иман лъурал рук1ин) квешаб жо гьеч1о. **Нужеда бицилищ щиб жо бугеб Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аск1об квешаб: Аллагьас лаг1нат кьурав чи вуго квешав, гьесул жинда ццинги бахъарав. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **маймалакаллъун ва болъоналлъун сверизаруралги руго квешал. Ва жодоца щайт1аналъе лагълъи гьабуралги руго квешал г1адамал. Гьал церехун рицарал къабих1ал сипатал жидее ругел г1адамал руго**

**Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1ор квешал ва бит1араб нухдаса къосарал.**

وَإِذَا جَآءُوكُمْ قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا وَقَد دَّخَلُوا۟ بِٱلْكُفْرِ وَهُمْ
قَدْ خَرَجُوا۟ بِهِۦ ۚ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا كَانُوا۟ يَكْتُمُونَ ﴿٦١﴾

**61. Гьел ягьудиязул мунафикъал духъе рач1араб мехалъ, гьез абулеб буго нижеца иман лъуна абун. Амма гьел духъе рач1унеб мехалъги капурал рук1ана Мух1аммад ﷺ, ва дуда аск1оса унеб мехалъги капурал рук1ана.**

Жидее щибго мунпаг1ат гьабуларо дур ваг1заялъ ва дур г1елмуялъ. **Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда ц1акъ лъалев вуго гьез нифакъ жаниб бахчун бук1ин** ва гьелда данде гьезие квешаб г1азабги бук1ине буго.

وَتَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يُسَٰرِعُونَ فِى ٱلْإِثْمِ وَٱلْعُدْوَٰنِ
وَأَكْلِهِمُ ٱلسُّحْتَ ۚ لَبِئْسَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Дуда гьел ягьудиязул г1емерисел рихьизе руго, Мух1аммад ﷺ, жидеца г1асилъаби ва зулмаби гьарулеллъун. Жидеца хъубаб х1арамаб боц1и кваналеллъунги. Ц1акъ квешаб г1амал буго гьел ягьудияз гьабулеб.**

لَوْلَا يَنْهَىٰهُمُ ٱلرَّبَّٰنِيُّونَ وَٱلْأَحْبَارُ عَن
قَوْلِهِمُ ٱلْإِثْمَ وَأَكْلِهِمُ ٱلسُّحْتَ ۚ لَبِئْسَ
مَا كَانُوا۟ يَصْنَعُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Ягьудиязул кашишаз ва г1алимзабаца нахъч1валел рук1аралани гьел, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ва аварагасда бугьтан лъолеб квешаб раг1и бициналдаса ва х1арамаб боц1и кванаялдасаги. Ц1акъ квешаб жо буго ягьудиязул диниял г1адамаз гьабулеб, жидер къавм амру-нагью гьабич1ого тей.**

وَقَالَتِ ٱلْيَهُودُ يَدُ ٱللَّهِ مَغْلُولَةٌ ۚ غُلَّتْ أَيْدِيهِمْ
وَلُعِنُوا۟ بِمَا قَالُوا۟ ۘ بَلْ يَدَاهُ مَبْسُوطَتَانِ يُنفِقُ
كَيْفَ يَشَآءُ ۚ وَلَيَزِيدَنَّ كَثِيرًا مِّنْهُم مَّآ أُنزِلَ
إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ طُغْيَٰنًا وَكُفْرًا ۚ وَأَلْقَيْنَا بَيْنَهُمُ
ٱلْعَدَٰوَةَ وَٱلْبَغْضَآءَ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ ۚ كُلَّمَآ
أَوْقَدُوا۟ نَارًا لِّلْحَرْبِ أَطْفَأَهَا ٱللَّهُ ۚ وَيَسْعَوْنَ
فِى ٱلْأَرْضِ فَسَادًا ۚ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Ягьудияз абуна Аллагьасул квер бахилаб бугин,** лагъзадерие ризкъи г1ат1ид гьабун кьола гьеч1оян абун. **Ягьудиял руго жидер квер бахилал.** Кидаго гьедин хут1аги гьел. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир рах1маталдаса рик1к1ад гьаруна ягьудиял гьеб къабих1аб раг1иялъе г1оло. Аллагьасул к1иябго квер беччараб ц1акъ сахаватаб буго, жиндие бокьухъе ризкъи кьолевги вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**

Цо г1адамазе ризкъи дагь гьаби жиндир х1икматалдалъун бук1уна, гьелда бахиллъи абуларо.

**Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал г1адамазул г1емерисел гьаб Къуръан дуде рещт1изабиялъ жеги жидер куфруялъул ва**

**къосиналъулъ ц1ик1к1изаризе руго. Дица гьеб капураб къавмалда гьоркьоб цоцаздехун ццим бахъин ва тущманлъи гьабуна, къиямасеб къо щвезег1ан т1аса унареб. Жидеца бусурбабазде рагъизе абун ц1а боркьанщинахъе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул ц1аги свинабула.**

Рагъуе гьел х1адурлъидалго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цо багьана гьабун гьезул х1адурлъи хвезабула. **Ракьалда т1ад ц1акъ пасалъаби гьарун хьвадулел руго ягьудиял,** бусурбабазе х1илла ургъун, гьел цоцазде т1аде т1амун. Гьаб буго жидер кидаго бугеб т1абиг1ат, **Аллагьасе рокьуларо жидеца пасалъи гьабулел г1адамал.**

**65. Жидехъе т1ехь кьурал ягьудиял ва насраниял, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ иман лъун Аллагьасдаса х1инкъун хьвадулелани, дица гьезул церехун арал киналго мунагьал рахчилаан ва ниг1матазул ц1урал алжаналъурги лъугьизарилаан.**

وَلَوۡ أَنَّ أَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ ءَامَنُواْ وَٱتَّقَوۡاْ
لَكَفَّرۡنَا عَنۡهُمۡ سَيِّـَٔاتِهِمۡ
وَلَأَدۡخَلۡنَٰهُمۡ جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ٦٥

**66. Китабияб агьлуялъ Инжил Тавраталда рекъон г1амал гьабулебани ва гьаб Къуръаналда жаниб рещт1изабураб жоялдаги г1амал гьабулебани, жидее ц1акъ г1ат1идго ризкъи кьелаан ва зобалазулги ракьазулги баракатал гьезие щвелаан. Гьел китабияздаса цо къукъа буго Мух1аммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ иман лъурал ва жидер г1амал шарг1алда бит1араблъун бугел. Амма гьел китабиязул г1емерисел жидер г1амал ц1акъ квешал руго.**

وَلَوۡ أَنَّهُمۡ أَقَامُواْ ٱلتَّوۡرَىٰةَ وَٱلۡإِنجِيلَ وَمَآ أُنزِلَ
إِلَيۡهِم مِّن رَّبِّهِمۡ لَأَكَلُواْ مِن فَوۡقِهِمۡ
وَمِن تَحۡتِ أَرۡجُلِهِمۚ مِّنۡهُمۡ أُمَّةٞ مُّقۡتَصِدَةٞۖ
وَكَثِيرٞ مِّنۡهُمۡ سَآءَ مَا يَعۡمَلُونَ ٦٦

Бицунеб жоги къабихх1аб, гьабулеб г1амалги пасикъаб, жалгоги жужах1алъул агьлулъун ругел.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абасде хабар щвана Басрат шагьаралда валилъун (х1акимлъун) вугев жинда Аллагь разилъаяв Абумусаца цо насранияв гьавун вугин жиндир катиблъун (жинца хъвалев чи). Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас Абумусахъе رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ кагъат бит1ана: «Аллагьас г1одорег1ан гьарурал г1адамал нужеца к1одо гьаруге! Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хиянаталлъун гьарурал г1адамал нужеца божараллъунги гьаруге! Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рик1к1ад гьарурал нужеца г1агарде гьаруге!» – абун. Жинда Аллагь разилъаяв Абумусаца

абидал: «Гьаб Басрат шагьаралда насраниясдаса квербакъи гьабич1ого рес гьеч1о» – абун. Г1умар رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1абас абуна: «Насранияв хвараб мехалъ щиб гьабизе бугеб?» – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абасул г1акъилаб каламалъ нилъеда бич1ч1изабулеб буго бусурбаби капурзабазул г1елму-лъаялдаса мунпаг1ат босун гьелда г1ей гьабун рук1ине бегьулареблъи. Бусурбаби рук1ине ккола кинабго рахъалъан жидер гьунар т1ок1аллъун ва капурзаби жидер г1елму-лъаялда бахилаллъунги.

67. **Я гьав Бичасул расул! Дуца г1адамазухъе щвезабе дица дуде рещт1изабураб Къуръан. Гьаб дуца г1адамазухъе щвезабич1они, мун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат т1обит1аравлъун вук1унаро. Г1адамазул зараларлдаса мун х1инкъуге. Аллагь вуго мун ц1унулев гьезул зараларлдаса. Х1акълъунго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капураб къавм бит1араб нухалда т1обит1уларо.** Дудаги к1оларо гьел т1орит1изе. Дуда т1адаб жо буго гьезухъе рисалат щвезаби.

۞يَٰٓأَيُّهَا ٱلرَّسُولُ بَلِّغۡ مَآ أُنزِلَ إِلَيۡكَ مِن رَّبِّكَۖ وَإِن لَّمۡ تَفۡعَلۡ فَمَا بَلَّغۡتَ رِسَالَتَهُۥۚ وَٱللَّهُ يَعۡصِمُكَ مِنَ ٱلنَّاسِۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٦٧

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну1аббасица абуна: гьаб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ г1алимзабазда лъазабулеб адаб, гьез умматалдаса шарг1алъул щибго жо бахчизе бегьуларин-абун. Кащаф абулеб тафсиралда абуна: гьаб аят рещт1инабизег1ан Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ц1унун г1адамал рук1унаан. Гьаб аят рещт1избураб мехалъ, аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жиндир хирияб бет1ер баккизе гьабуна къохьол гьабураб чадиралдаса къват1ибе ва жинцаги абуна: «Нуж нахъе а, я гьал г1адамал, т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун ц1унана» – абун.

68. Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: ягьудиязул цо къокъа бач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва гьез абуна: *«Дуца абулеб буго гурищ нижер Таврат Аллагьас рещт1изабураб х1акъаб т1ехь буго абун». «Буго» – абуна аварагас* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *Цинги ягьудияз абуна: нижеца гьеб Твраталда иман лъезе буго ва цоги кинабг1аги т1ехьалде иман лъезе гьеч1о*–абун. Цинги Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещт1изабуна:

قُلۡ يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لَسۡتُمۡ عَلَىٰ شَيۡءٍ حَتَّىٰ تُقِيمُواْ ٱلتَّوۡرَىٰةَ وَٱلۡإِنجِيلَ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيۡكُم مِّن رَّبِّكُمۡۗ وَلَيَزِيدَنَّ كَثِيرٗا مِّنۡهُم مَّآ أُنزِلَ إِلَيۡكَ مِن رَّبِّكَ طُغۡيَٰنٗا وَكُفۡرٗاۖ فَلَا تَأۡسَ عَلَى ٱلۡقَوۡمِ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٦٨

**Дуца гьел китабиязда абе Мух1аммад ﷺ: Я гьаб китабияб агьлу, нуж бит1араб диналда рук1унаро ва нужеца гьабураб г1амалги г1адада хвараб бук1уна, нужеца Инжилги Тавратги рит1ухъ гьарун гьезда г1амал гьабич1они, гьел т1ахьазда хъвараб жоялда иман лъун гьелда нахъги рилълъинч1они.** Гьел т1ахьазда хъвараб жоялдаса буго нужеца Мух1аммад ﷺ авараг рит1ухъ гьавизе ккей ва гьеседа нахърилълъине ккейги. **Гьединго нужеца иман лъезе ккола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж киназдего рещт1изабураб Къуръаналдаги.**

**Гьел китабиязул г1емерисезул куфру ва къосин ц1ик1к1инабун буго дуде рещт1изабураб Къуръаналъ,** гьелда иман лъеч1ого ч1ун. **Гьеб капураб къавмалъул пишаялъ мун пашман гьавуге Мух1аммад ﷺ,** гьезул г1адат ва т1абиг1ат буго аварагзаби гьереси гьари ва т1ахьазда иман лъунгут1и.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَٱلَّذِينَ هَادُوا۟ وَٱلصَّٰبِـُٔونَ وَٱلنَّصَٰرَىٰ مَنْ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ٦٩

**69. Жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ Мух1аммад ﷺ аварагасдаги иман лъурал г1адамал: ягьудиялги, насраниязул ссабиуна абулеб цо къокъаги (жидеца ц1вабзазе лагълъи гьабурал) ва Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда иман лъурал насраниялги. Гьал рехсарал къокъабаздаса ширк гьабич1ого, щакдарич1ого Аллагьасда иман лъурал г1адамал. Гьединго ахир къиямасеб къоялдаги иман лъурал ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб лъик1аб г1амалги гьабурал. Гьал г1адамазе щибго х1инкъи бук1ине гьеч1о ахираталда х1исаб-мизан гьабулеб мехалъ ва гьел жидеца дунял теялда пащманлъизе гьеч1о.**

Ахираталда алжаналъул ниг1матал жидее щведал дунялги ва гьениб бук1араб кинабго жоги гьезда к1очене буго.

لَقَدْ أَخَذْنَا مِيثَٰقَ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ وَأَرْسَلْنَآ إِلَيْهِمْ رُسُلًا ۖ كُلَّمَا جَآءَهُمْ رَسُولٌۢ بِمَا لَا تَهْوَىٰٓ أَنفُسُهُمْ فَرِيقًا كَذَّبُوا۟ وَفَرِيقًا يَقْتُلُونَ ٧٠

**70. Х1акълъунго дица бануисраилаздаса къот1и босун бук1ана жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласдаги ﷺ иман лъезе. Ва дица гьезухъе аварагзабиги рит1ана гьел х1акъаб нухда т1орит1изе ва гьезие дин баян гьабизе. Цинги щибаб нухалъ гьел аварагзаби жидехъе рач1индал, гьезул напсазе бокьулареб жоялдалъун: х1арамаб, х1алалаб жо бицун, амру- нагью гьабун, Аллагьас т1ад лъураб парз бицун, гьез цо аварагзаби гьереси гьаруна ва гьезда**

**нахърилълъинч1о, цогидал аварагзаби ч1вана.**

وَحَسِبُوٓاْ أَلَّا تَكُونَ فِتۡنَةٞ فَعَمُواْ وَصَمُّواْ ثُمَّ
تَابَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِمۡ ثُمَّ عَمُواْ وَصَمُّواْ كَثِيرٞ
مِّنۡهُمۡۚ وَٱللَّهُ بَصِيرُۢ بِمَا يَعۡمَلُونَ ٧١

**71. Бануисраилазда рак1алде кколеб бук1ана гьез аварагзаби гьереси гьарураб ва ч1вараб мехалъ, жидее щибго къварилъи бук1инаро абун.** Гьел аварагзабаз малъулеб жоги т1аса ина, нижги нижеего бокьухъин рук1ина абун. **Цинги гьез х1акъаб жоялдаса г1инкълъун, бит1араб нухдаса беццлъун, г1асилъи, пасикълъи гьабулеб бук1ана.** Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеде т1аде балагь биччараб мехалъ тавбо гьабун, Аллагьасда гьарун, х1елун, г1одорег1анлъун лъугьулаан. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул тавбо къабул гьабун бук1ана, амма хадубги жидер г1емерисел добго г1инкълъиялдеги беццлъиялдеги ана ва Аллагьасе мут1иг1лъи тана. Т1адег1анав Аллагь гьаб капураб къавмалъ гьабулеб кинабго г1амал жинда бихьулев ва лъалев вуго,** жинца гьезие г1азаб гьабизе бугевги вуго.

لَقَدۡ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡمَسِيحُ ٱبۡنُ
مَرۡيَمَۖ وَقَالَ ٱلۡمَسِيحُ يَٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱعۡبُدُواْ
ٱللَّهَ رَبِّي وَرَبَّكُمۡۖ إِنَّهُۥ مَن يُشۡرِكۡ بِٱللَّهِ
فَقَدۡ حَرَّمَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِ ٱلۡجَنَّةَ وَمَأۡوَىٰهُ
ٱلنَّارُۖ وَمَا لِلظَّٰلِمِينَ مِنۡ أَنصَارٖ ٧٢

**72. Жидеца Марьямил вас Г1иса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вугоян абулел г1адамал капурал руго. Г1иса аварагас къавмалда абуна: Я бануисраилал! Нужеца г1ибадат гьабе цох1о Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ**, дирги нужерги Бет1ергьанлъун жив вугев.** Дунги нужго г1адав Аллагьасул лагъ вуго ва дицаги гьесие гьабула г1ибадат абун. **Аллагьасде ширк гьабурав ва цоги щибжо бугониги гьесул бак1алда ч1езабурав чиясе Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **алжан х1арам гьабун буго ва гьев вуссунеб бак1 жагьаннама буго.** Гьеб алжан бугелъул Аллагь цо гьавун, гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабурал муъминзаби руссунеб бак1. **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялде г1асилъун жидеца зулму гьабурал г1адамазе ахираталда квербакъулев щивго чи вук1инаро.** Ва гьел жидее х1акълъараб г1азаб ч1амич1ого рорч1уларо.

لَّقَدۡ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ ثَالِثُ
ثَلَٰثَةٖۘ وَمَا مِنۡ إِلَٰهٍ إِلَّآ إِلَٰهٞ وَٰحِدٞۚ وَإِن لَّمۡ
يَنتَهُواْ عَمَّا يَقُولُونَ لَيَمَسَّنَّ ٱلَّذِينَ
كَفَرُواْ مِنۡهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٧٣

**73. Гьединго капурал руго жидеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лъабго жоялъулъ вугев цо Аллагь вуго абурал г1адамалги.** Гьез абула Аллагь Аллагьлъун вук1ин г1ахьалаб бугин Аллагь ва Г1иса ва Марьям абураб лъабго жоялъулъ. Цоги рахъалъан

гьаб магIна буго: эмен, вас, бацIцIадаб рухI абураб жоялъулги. Гьаб жидер рагIиялъе мисалги бачуна: бакъ цо жо буго, гьелъул гор (гордо) буго ва хинлъиги буго ва гвангъиги буго абун. Гьаб рагIи цIакъго загIипаб рагIи буго ва цодагьабниги гIакълу бугев чиясда жиб батIулаб букIин лъалеб буго. **Цоги щивго алагь гьечIо цохIо Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гурев,** жив цогояв, жинда релълъараб щибго жо гьечIев ва жинда данде чIчIолеб жоги гьечIев. **Жидеца гьаб Аллагь лъабго жо буго абулеб рагIи течIони ва Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо гьавун гьесие гIибадатги гьабичIони, гьал капурал гIадамазде жинца цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб щвезе буго.**

أَفَلَا يَتُوبُونَ إِلَى ٱللَّهِ وَيَسْتَغْفِرُونَهُۥ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٧٤﴾

**74. Гьал гIадамаз тавбо гьабун Аллагьасда жидер мунагьал рахчи гьарулебани,** жидеца батIулаб гьересияб гIакъидатги толебани! **ХIакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **мунагьал рахчулев ва гурхIулев вуго.**

مَّا ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ مَرْيَمَ إِلَّا رَسُولٌ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِ ٱلرُّسُلُ وَأُمُّهُۥ صِدِّيقَةٌ كَانَا يَأْكُلَانِ ٱلطَّعَامَ ٱنظُرْ كَيْفَ نُبَيِّنُ لَهُمُ ٱلْءَايَٰتِ ثُمَّ ٱنظُرْ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ﴿٧٥﴾

**75. Марьямил вас ГIиса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Аллагьасул расул гурого гьечIо,** гьев Аллагь гьечIо, яги Аллагьасул вас гьечIо. **ГIиса аварагасда цереги рукIана гьев гIадинал расулал.**

Нуж гIажаиблъуге ГIиса авараг эмен гьечIого гьавун вукIиналда. Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг Аллагьас эбел-эменги гьечIого вижана. Гьединго гIажаиблъуге ГIисае ругел мугIжизатазда: ГIиса аварагас хварал чагIи чIаго гьари мугIжизат букIун батани, Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас гIанса чIаго гьаби ва гьеб борохь лъугьун ракьалда хьвади цIакъго гIажаибаб мугIжизат гьечIищ?

**ГIиса аварагасул эбелги Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIибадат бацIцIадай, жий ритIухъай гIадан йиго. Гьел кIиялго жидеца тIагIам кваналелги рукIана.** ТIагIам кванараб мехалъ гьелъул гъиз къватIибе бачIинги хIакъаб жо буго. Гьединал ракьа-гьаналдаса данде гьарурал квана-гьекъолел, жидедаса къватIибе гъизги бачIунел гIадамал Аллагь вугоян кин абулеб?. Гьеб цIакъ ахIмакъаб, гIакълу гьечIеб хабар гьечIищха? **Мун валагье МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, кин дица гьал гIадамал кантIизе мисал бачунеб ва гьазие мугIжизатал ва гIаламатал баян гьарулел. Цинги мун валагье гьал гIадамал хIакъаб жоялда нахърилълъунарел рукIиналда** ва жидецаго ургъарал гьерсазда нахърилълъун тIирун

ч1еялдаги.

قُلْ أَتَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَمْلِكُ لَكُمْ
ضَرًّا وَلَا نَفْعًا ۚ وَٱللَّهُ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٧٦﴾

**76. Дуца гьел китабиязда абе, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, нужеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун,** гьесие г1ибадат гьабич1ого, **нужее щибго мунпаг1ат яги зарал гьабизе к1олареб жоялъейищ г1ибадат гьабулеб бугеб? Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца бицунеб жо раг1улев ва нужеца гьабулеб г1амал жинда лъалев вуго.**

قُلْ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لَا تَغْلُوا۟ فِى دِينِكُمْ غَيْرَ
ٱلْحَقِّ وَلَا تَتَّبِعُوٓا۟ أَهْوَآءَ قَوْمٍ قَدْ ضَلُّوا۟ مِن قَبْلُ
وَأَضَلُّوا۟ كَثِيرًا وَضَلُّوا۟ عَن سَوَآءِ ٱلسَّبِيلِ ﴿٧٧﴾

**77. Жегиги дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Я гьаб китабияб агьлу!** Диналда жаниб нужеда т1ад гьабич1еб жо гьабун ва нужеда лъалареб жо бицун **нужеца диналъулъ г1орхьолъан арал жал гьаруге.**

Насранияз Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ авараг Аллагь вугин абуге, ягьудияз гьеб къват1улъан лъимер бугинги абуге. **Нуж ягьудиязул ва насраниязул квешаб къавмалъе бокьараб жоялда нахъги рилълъунге! Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **авараг вит1илелде цереги къосараллъун рук1арал ва жидеца г1емерал г1адамал х1акъаб диналдаса къосизарурал г1адамал руго гьел. Гьел г1адамал гьанжеги бит1араб нух биларал руго,** гьезул цересел умумулги гьанже ругелги щибго бат1алъи гьеч1о, ягьудиязул рижинго х1акъаб нух бокьулареб, Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул аварагзабазде عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ мут1иг1лъулареб буго.

لُعِنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنۢ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ
عَلَىٰ لِسَانِ دَاوُۥدَ وَعِيسَى ٱبْنِ مَرْيَمَ ۚ ذَٰلِكَ
بِمَا عَصَوا۟ وَّكَانُوا۟ يَعْتَدُونَ ﴿٧٨﴾

**78. Бануисраилазул капурал г1адамазе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **лаг1нат буго абуна Давуд аврагасул ва Г1иса аварагасул мац1алда. Гьезие Аллагьасул лаг1нат бук1иналъе г1иллаги буго жидеца г1емер г1асилъаби ва заралал гьарулел рук1ин.**

Ибнуг1аббасица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمَا абуна: ягьудиязул капурал г1адамазе Аллагьас лаг1нат кьуна щивав аварагасул мац1алда. Давудихъе кьураб забуралда лаг1нат кьуна, Г1исахъе кьураб Инжилалдаги лаг1нат кьуна, Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аврагасухъе кьураб Тавраталдаги, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасухъе кьураб Къуръаналдаги лаг1нат кьуна – абун. Цоги г1алимзабаз абуна: ягьудияз шамат къоялъ ччуг1а ккун Аллагьасе гьабураб къот1и хвезабураб мехалъ Давуд عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас жидее квешаб дуг1а

гьабун гьеб къавмалъул маймалакал гьаруна. Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул заманаялъ рук1арал ягьудияз, зодосан рещт1изабураб квенги кванан рук1аго, Г1иса аварагасда инкар ккураб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул болъонал гьаруна-абун.

**79. Гьаб квешаб къавмалъул цояз цоял нахъги ч1валел рук1инч1о квешлъи гьабиялдаса. Ц1акъ квешаб пиша бук1ана гьез гьабулеб:**

كَانُوا۟ لَا يَتَنَاهَوْنَ عَن مُّنكَرٍ فَعَلُوهُ ۚ لَبِئْسَ مَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ﴿٧٩﴾

жидецаги квешлъи гьабулел, цогидаз квешлъи гьабулеб бихьидал гьелда т1адги рекъолел.

Замашхарияс абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ягьудиязда г1айиб ч1валеб буго гьез амру-нагью теялда. Бусурбабазул х1алалде балагьараб мехалъ гьазул х1ал жегиги зах1матаб буго: жидеда Къуръанги рещт1изабурал, гьелда цересел умматазул къисабиги рицарал, гьел умматаз Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул аварагасда хилиплъи гьабураб мехалъ гьезие гьабураб г1азабги бицарал. Гьелдаги т1аде хирияв аварагасул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мац1алда х1алалаб-х1арамаб жо малъун, амру-нагью лъазабун, инсан жинда х1ажалъулеб кинабго жо баян гьабураб бац1ц1адаб суннатги жидехъе щварал. Гьеб кинабго жо жидеда лъалебги бук1аго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1ассилъарал, амру-нагью гьабуларел.

Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адис буго: хирияв аварагас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул ц1аралдалъун гьедулев вуго дун: нужеца лъик1алдалъун амру гьабе, квешалдаса нагьюги гьабе, гьедин гьабич1они Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *нужеда т1ад г1акъуба-г1азаб биччазе буго, цинги нужеца гьесда гьарун, х1елун дуг1а гьабизе буго, Аллагьас нужее жавабги кьезе гьеч1о»* -абун.

Бищунго къабих1аб жо буго жидеца гьарулел к1удиял мунагьал г1адамазда рихьун гьари: гьеб буго жидеца цогидал г1адамалги квешлъиялде ах1и г1адаб жо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго: *«Нужедаса щив чи вугониги чорокал пишаби гьарич1ого ч1езе к1оларев, гьев г1адамаздаса вахчун вук1а»*– абун. Х1адис Х1акимица бицана кьуч1аблъун.

Гьаб хирияб Къуръан к1алалъ ц1али гуреб, щибго жинда г1амал гьабич1ого тун буго. Къиямасеб къоялъ Къуръаналъ нуг1лъи гьабизе бук1ин х1акъаб буго гьеб ц1аларав ва гьелда г1амал гьабурав муъминчиясе шапаг1ат гьабун. Гьеб ц1аларав, амма гьелда г1амал гьабич1ев чиясе квешлъиялъул рахъалъан нуг1лъи гьабизе бук1инги

х1акъаб жо буго.

تَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يَتَوَلَّوْنَ ٱلَّذِينَ
كَفَرُوا۟ لَبِئْسَ مَا قَدَّمَتْ لَهُمْ
أَنفُسُهُمْ أَن سَخِطَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ وَفِى
ٱلْعَذَابِ هُمْ خَٰلِدُونَ ٨٠

**80. Дуда гьел ягьудиязул г1емерисел рихьила, Мух1аммад ﷺ, жидеца капурзаби т1аса рищун гьезулгун гьудуллъи гьабулеллъун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда х1алхъублъи гьабун, мушриказулгун гьудуллъи гьабулеб бук1ана мадинаялъул Каг1бо ибну Ашрап абулев ягьудиязул ццевехъанас ва гьесда нахърилълъаразги.

**Гьезие ахираталда ц1акъ квешаблъун батизе буго гьеб г1амал: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъин бук1ина гьелъие жазаъ ва гьелги абадияб жужах1алъул г1азабалъулъ рук1ина.**

وَلَوْ كَانُوا۟ يُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلنَّبِىِّ وَمَآ
أُنزِلَ إِلَيْهِ مَا ٱتَّخَذُوهُمْ أَوْلِيَآءَ
وَلَٰكِنَّ كَثِيرًا مِّنْهُمْ فَٰسِقُونَ ٨١

**81. Гьал ягьудиял Аллагьасдаги гьесул аварагасдаги иман лъурал, гьев аварагасде рещт1изабураб Къурьаналдаги иман лъурал рук1аралани, гьез мушрикал гьудулзабилъун кквезе рук1инч1о. Кинниги гьел ягьудиязул г1емерисел г1адамал пасикъал г1адамал руго,** Аллагьасде мут1иг1лъуларел ва аварагсда нахърилълъунарел.

۞ لَتَجِدَنَّ أَشَدَّ ٱلنَّاسِ عَدَٰوَةً لِّلَّذِينَ
ءَامَنُوا۟ ٱلْيَهُودَ وَٱلَّذِينَ أَشْرَكُوا۟
وَلَتَجِدَنَّ أَقْرَبَهُم مَّوَدَّةً لِّلَّذِينَ ءَامَنُوا۟
ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّا نَصَٰرَىٰ ذَٰلِكَ بِأَنَّ
مِنْهُمْ قِسِّيسِينَ وَرُهْبَانًا وَأَنَّهُمْ
لَا يَسْتَكْبِرُونَ ٨٢

**82. Муъминзабазда тущманлъи гьабулезул бищунго квешал ва къуватал дуда ратила, Мух1аммад ﷺ, ягьудиял ва мушрикал. Муъминзабаздехун рокьи бугеллъун ва гьезде г1агаралллъун дуда ратила, Мух1аммад ﷺ, «ниж насраниял ругоян»- абулел г1адамал.**

Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда иман лъурал ва гьесул дин гьабулел г1адамал. **Гьал насраниял нужедехун тамахал ва г1агарлъи гьабулел рук1иналъе сабаб буго гьезда гьоркьор г1алимзаби рук1ин ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат гьабулел г1адамал рук1ин ва гьел г1амал к1удиял, ч1ух1арал гьеч1олъиги.** Г1иса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул диналда жаниб ч1ух1и ва г1амалк1одолъиги какараб жо буго, рагъ гьабиги чи ч1вайги ц1акъго гьукъараб буго.

Байзавияс абуна: гьаб аяталда жаниб ишара буго г1елму ва г1ибадат, г1адамаздехун х1алимав вук1ин, гьава-напсалда, шагьваталда

нахъ вилълъунгут1и, капурчиясулъ бугониги, жиб беццараб хасият бук1иналда-абун.

Гьаб аят жидер х1акъалъулъ рещт1изабурал насраниял руго Х1абаш улкаялда рук1арал нажаши ханасул къавм, жидеца аварагасда ﷺ иман лъурал. Гьаб иш гьадин бук1иналъе нуг1лъи гьабула хадуб бугеб аяталъги.

وَإِذَا سَمِعُوا۟ مَآ أُنزِلَ إِلَى ٱلرَّسُولِ تَرَىٰٓ أَعْيُنَهُمْ تَفِيضُ مِنَ ٱلدَّمْعِ مِمَّا عَرَفُوا۟ مِنَ ٱلْحَقِّ يَقُولُونَ رَبَّنَآ ءَامَنَّا فَٱكْتُبْنَا مَعَ ٱلشَّٰهِدِينَ ﴿٨٣﴾

**83. Гьал насраниязда Мух1аммад ﷺ аварагсде рещт1изабураб Къуръан раг1араб мехалъ ва гьелъухъ гьел г1енеккараб мехалъ, дуда гьезул берал маг1у т1ун г1одулел рихьула,** Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъун рак1 т1еренлъун, Аллагьасул каламалъ жидее лъик1аб асар гьабун. **Гьеб Къуръан х1акъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам бук1ин лъан г1одула гьезул берал. Ва жидецаги абула: «Ва нижер бет1ергьан Аллагь! Нижеца иман лъуна дур авараг Мух1аммадида ﷺ ва гьесде рещт1изабураб Къуръаналдаги. Дуца ниж гьав Мух1аммадил умматалде гьоркьоре гьаре!** къиямасеб къоялъ жидеца киналго умматазе нуг1лъи гьабулел гьезухъе аварагзаби рит1иялда ва т1ахьал рещт1изариялда.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб аят рещт1изабуна нажашиясул ва гьесул асх1абзабазул х1акъалъулъ, жинда Аллагь разилъаяв Жаг1фар ибну Абут1алибица Къуръаналдаса аятал ц1алараб мехалъ жал г1одарал, жидер мегеж биччизег1ан–абун. Цоги г1алимзабаз абуна гьаб аят жидер х1акъалъулъ рещт1изабурал г1адамал рук1анин х1абаш улкаялдаса Мадинаялде рач1арал ва Аллагьасул салат салам лъеяв аварагас Къуръан ц1алулеб раг1арал. Гьаб раг1и бит1араб бук1иналде г1агараб буго. Гьалда хадуб бугеб аяталъ гьелде т1орит1ел гьабун абулеб буго:

وَمَا لَنَا لَا نُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَمَا جَآءَنَا مِنَ ٱلْحَقِّ وَنَطْمَعُ أَن يُدْخِلَنَا رَبُّنَا مَعَ ٱلْقَوْمِ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٨٤﴾

**84.** Гьал насраниязда ягьудияз г1айиб ч1вадал жидеца Аллагьасда ва Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда иман лъеялъе г1оло, насранияз абулеб буго: **Нижеца аллагьасдаги гьесул рахъалъан бач1араб х1акъаб Къуръаналдаги иман лъеч1ого бук1ине г1иллаго щиб бугеб?** Нижеда т1адаб буго гьеб иман лъейи. **Нижер Бет1ергьан Аллагьасда хьул буго жинца ниж жидер иман камилал, аварагасда нахърилълъиналъулъ**

**ритӀухъал гӀадамалгун цадахъ жиндир рахӀматалъулъе лъугьине гьарила абун.**

**85. Гьаб жидер рагӀиялъе гӀоло ва жидеца хӀакъикъияб иман лъеялъе гӀологи Аллагьас гьаб къокъаялъе жазаълъун гьабуна жидеда жанисан нигӀматазул гӀорал чвахулел алжанал.**

فَأَثَٰبَهُمُ ٱللَّهُ بِمَا قَالُواْ جَنَّٰتٍ تَجۡرِي مِن
تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَاۚ وَذَٰلِكَ
جَزَآءُ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٨٥

**Даимго рукӀинелъун гьеб алжаналъуре лъугьине гьарула гьел гӀадамал. Гьаб буго Аллагьас лъикӀал гӀадамазе гьабулеб жазаъ.**

**86. Ва амма жидеца Аллагьасдаги гьесул аварагасдаги инкар ккурал гӀадамал, дир аятал ва мугӀжизатал жидеца гьереси гьарурал: гьел гӀадамал руго жужахӀалъул бетӀергьаби, даимго гьенир жанир рукӀунел.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَكَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَآ أُوْلَٰٓئِكَ
أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَحِيمِ ٨٦

Цо-цо жагьилал гӀадамаз гьаб (82) абилеб аятги цӀалун гьелдаса хӀукму босулеб буго насраниял ругин гӀурусал ва гьел бусурбабазул гьудулзаби ругин. Гьал жагьилзабаца гьаб аталда хадур ругел (83-84) аятал цӀалулел гьечӀо ва гьезда жаниб бугеб жоги гӀадамаздаса бахчулеб буго. Гьал аятаз баян гьабулеб буго муъминзабазда жидер рокьи ва гӀагарлъи бугел насраниял рукӀин жидеца Инжилалда гӀамал гьабулеб букӀарал, цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀамад аварагасда иманги лъурал насраниял. Гьаб хӀукму гьадин букӀин гьаб аяталъ загьирго баян гьабун буго.

**87. Я гьал иман лъурал гӀадамал! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хӀалал гьарурал нигӀматал нужеца хӀарам гьаруге! ХӀалалаб жо тун хӀарамаб жоялдехун ун Аллагьас нужее рихьизарурал гӀорхъабиги хвезе гьаруге! ХӀакълъунго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гӀорхъолъан унел гӀадамал рокьуларо.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تُحَرِّمُواْ طَيِّبَٰتِ
مَآ أَحَلَّ ٱللَّهُ لَكُمۡ وَلَا تَعۡتَدُوٓاْۚ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُعۡتَدِينَ ٨٧

Гьеб гӀорхъолъан ин Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шаргӀалда хӀарамаб буго, кинаб рахъалъан бугониги. Масала: Аллагьас хӀарам гьабичӀеб жо нилъеца хӀарам гьабизе бегьуларо. Гьелъул магӀна букӀуна нилълъ шаргӀиял нухал лъолел ва къанунал рахъулел гӀадамал рукӀин. Гьединго бегьуларо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хӀарам гьабураб жо нилъеца хӀалал гьабизеги.

Гьаб аят рещтӀизабиялъе сабаблъун ккана: хириял асхӀабзаби цӀакъго тӀагӀат-гӀибадат гьабиялда тӀад чӀун, дунялалъул лазат-рахӀат тун

ч1езе лъугьана. Цояз абуна ниж кидаго к1ал ккун рук1ина абун, цояз абуна ниж сардилъ кьижич1ого Аллагьасе г1ибадат гьабулел рук1ина абун. Цо-цо асх1абзабаз руччаби рачиларин абуна ва жидерго балъ гьабизе къасд гьабуна. Цо асх1абас жинца гьан кваналарин, гьеб кванадал жиндир шагьват багъарулеб бугин абуна.

Гьаб хабар Аллагьасул салат салам лъеяв аварагасда раг1индал, гьес абуна: *«Гьаб къавмалъул х1ал щиб бугеб жидеца бат1и-бат1ияб жо бицунел? Дица к1ал ккола ва к1ал биччала. Дун сардилъ вахъун вук1уна, кьижунги вук1уна. Дица руччаби рачуна ва гьанги кванала. Гьаб дир суннаталдаса вуссарав чи дир умматалдаса гьеч1о»*–абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб х1укму баян гьабун 87-88 абилеб аят рещт1изабуна.

وَكُلُوا۟ مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُ حَلَٰلًا طَيِّبًا ۚ
وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ٱلَّذِىٓ أَنتُم بِهِۦ مُؤْمِنُونَ ﴿٨٨﴾

**88. Нужеца Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **кьураб ризкъиялдаса х1алалаб, бац1ц1адаб жо кванай. Ва нуж х1инкъа** шарг1алъул г1орхъаби хвезаризе. **Нужеца жинда иман лъурав Бет1ергьанасул.**

Аллагьасе бокьула гьесул лагъзал мут1иг1ал рук1ине. Бищунго Аллагьасе мут1иг1ал г1адамал руго жидер киналго г1амалал шарг1алда борцунел ва хирияв х1абиб Мух1аммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталда нахъги рилъунел.

لَا يُؤَاخِذُكُمُ ٱللَّهُ بِٱللَّغْوِ فِىٓ أَيْمَٰنِكُمْ
وَلَٰكِن يُؤَاخِذُكُم بِمَا عَقَّدتُّمُ ٱلْأَيْمَٰنَ ۖ
فَكَفَّٰرَتُهُۥٓ إِطْعَامُ عَشَرَةِ مَسَٰكِينَ مِنْ
أَوْسَطِ مَا تُطْعِمُونَ أَهْلِيكُمْ أَوْ كِسْوَتُهُمْ
أَوْ تَحْرِيرُ رَقَبَةٍ ۖ فَمَن لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ
ثَلَٰثَةِ أَيَّامٍ ۚ ذَٰلِكَ كَفَّٰرَةُ أَيْمَٰنِكُمْ إِذَا
حَلَفْتُمْ ۚ وَٱحْفَظُوٓا۟ أَيْمَٰنَكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ
ٱللَّهُ لَكُمْ ءَايَٰتِهِۦ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٨٩﴾

**89. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее къварилъи гьабуларо нужеца хабаралда гьоркьоб гьа гьеданин абун. Кинниги Нужеда г1айиб ч1валеб жо буго бокьун, рак1алъ ният гьабун гьа гьеди.**

Гьа гьедун хадуб нужеца гьеб хвезабуни ва гьа гьедун т1ад босараб жоги гьабич1они, **нужеца кафарат бахъе анц1го мискинчиясе т1аг1ам кьун: нужер гьоркьохъеб рес-мах1алалъул чияс кваналеб къадар ва жинс.**

Г1алимзабазул хилап буго гьаб т1аг1амалъул къадар щиб бугеб абун. Бищунго бит1араб ва г1емерисел г1алимзабаз абураб раг1и буго цо-цо мискинчиясе бащадаб сах1 т1ощел кьела абун. Цо сах1алъул ц1айи буго к1иго килоги бащдабги. **Яги цо-цо мискинчиясе рет1ел кье:** цо горде, цо т1ажу ва гьелда релъълъараб жо.

Цоги имамзабаца абуна какилъ г1аврат бахчизе г1олеб рет1ел бук1ине ккела абун. **Яги цо лагъ тархъе. Гьаб лъабго жоялъул цонигияб гьабизе рес рекъеч1ев чияс лъабго къоялъ к1ал кквe. Гьаб буго нужер гьа хвезабиялъе бугеб кафарат.**

**Нужеца шарг1алда х1арамаб жоялдалъун гьаял гьедуге ва х1алалаб жоялдалъун гьедараб мехалъ гьеб гьа т1убазабе.** Бищунго шарг1алда рекъараб буго гьа гьедич1ого тей. **Гьедин Аллагьас ﷻ нужее баян гьарула жиндир шарг1алъул х1укмаби, нуж бит1араб нухда т1орит1 induced**

90. **Я гьал иман лъурал г1адамал! Х1акълъунго хамро** (жинца мехтизе гьарулеб жо) **майсирги** (гьоркьоб жо лъун х1ай: кагъат т1ами, нардал, шахматал, торг1о х1ай, лото, лоторея ва цоги щиб бугониги), **жидее лагълъи гьабулел заналги, жидедалъун пал т1амулел ч1оралги,- гьеб кинабго жо жиндилъ мунагь бугеб, Аллагьас ﷻ х1арам гьабураб, чорокаб жо буго, щайт1аналъул г1амалаздасаги буго. Нуж гьел рехсарал жалаздаса ц1акъ рик1к1алъе ва гьезда аск1ореги къаге!** Гьал х1арамал жалаздаса рик1к1алъун, х1алалаб, бац1ц1адаб жоялде г1агарлъун нуж хьвадани, **Аллагьасул ﷻ киналго лъик1лъабазда нужер кверщел батила ва дунял-ахираталда бахьи бугездасаги рук1ина.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّمَا ٱلۡخَمۡرُ وَٱلۡمَيۡسِرُ
وَٱلۡأَنصَابُ وَٱلۡأَزۡلَٰمُ رِجۡسٞ مِّنۡ عَمَلِ
ٱلشَّيۡطَٰنِ فَٱجۡتَنِبُوهُ لَعَلَّكُمۡ تُفۡلِحُونَ ٩٠

91. Нужеда гьаб х1арамаб, чорокаб г1амал берцин бихьизабун, гьеб гьабизе нуж т1амун, **щайт1аналъе бокьараб жо буго нужеда гьоркьоб тущманлъи ва рихи ккезаби. Мехтел гьекъел ва х1арамал х1аял сабаблъун,** гьеб к1иябго буго бищунго щайт1аналъ инсан кодове восулеб бак1.

إِنَّمَا يُرِيدُ ٱلشَّيۡطَٰنُ أَن يُوقِعَ بَيۡنَكُمُ
ٱلۡعَدَٰوَةَ وَٱلۡبَغۡضَآءَ فِي ٱلۡخَمۡرِ وَٱلۡمَيۡسِرِ
وَيَصُدَّكُمۡ عَن ذِكۡرِ ٱللَّهِ وَعَنِ
ٱلصَّلَوٰةِۖ فَهَلۡ أَنتُم مُّنتَهُونَ ٩١

Гьев чиясул кинабго г1акълу ва пикру дунялалъул боц1и-малалда, чорхое бугеб лазат-шагьваталде буссун бук1уна. **Гьедин бугелъул**

**щайт1аналъе бокьун буго нужеда т1убанго Аллагь ﷻ к1очезавизе ва Аллагьасе г1ибадат гьабиялдасаги, паризаяб как баялдасаги нуж руссизаризе. Нужеца гьанжег1аги гьеб къабихlаб пиша теларищ, я муъминзаби!**

وَأَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُوا۟ ٱلرَّسُولَ وَٱحْذَرُوا۟ ۚ
فَإِن تَوَلَّيْتُمْ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّمَا عَلَىٰ رَسُولِنَا
ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ﴿٩٢﴾

**92. Ва нуж Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мут1иг1лъе.** Нужее х1арам гьабураб жо те, нужеда т1ад гьабураб парзги т1убай **ва нуж х1инкъа Аллагьасул ва аварагасул амруялъе хилиплъизе. Нагагь нужеца гьаб Къуръаналъул малъи босич1они ва нуж исламияб диналдаса руссун ч1ани – цинги нужеда лъан бук1а: х1акълъунго дир расуласда т1ад буго нужехъе х1акъаб дин щвезаби ва нуж гьелде ах1и.**

Нуж Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мут1иг1лъунгут1иялъул зарал ва гьелъул г1азаб-къварилъи нужее бук1ине буго. Нуж х1инкъа Аллагьасда г1асилъизе, х1акълъунго аллагьасул г1акъуба ва г1азаб ц1акъ гучаб буго.

لَيْسَ عَلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ
جُنَاحٌ فِيمَا طَعِمُوٓا۟ إِذَا مَا ٱتَّقَوا۟ وَّءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟
ٱلصَّٰلِحَٰتِ ثُمَّ ٱتَّقَوا۟ وَّءَامَنُوا۟ ثُمَّ ٱتَّقَوا۟
وَّأَحْسَنُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ يُحِبُّ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٩٣﴾

**93. Жидеца Аллагьасда иман лъурал, аварагасда нахърилълъун лъик1аб г1амал гьабурал муъминзабазе мунагь-х1акъ бук1ине гьеч1о жидее х1арам гьабизе цебехун кванараб ва гьекъараб жоялъул.**

Гьединго мунагь бук1ине гьеч1о гьаб хамро х1арам гьабураб аят рещт1инелде цере хварал муъминзабазеги. Гьезие мунагь бук1унаро **Аллагьасдаса ﷻ х1инкъун х1арамаб жо тараб мехалъ ва гьесда иман лъун, гьев разилъи т1алаб гьабун лъик1аб г1амалги гьабураб мехалъ. Цинги Аллагьасдаса ﷻ х1инкъиялда ва иман лъеялда т1ад ч1араб мехалъ, х1арамаб жо теялда, кинабго лъик1аб г1амал гьабиялда т1адги ч1араб мехалъ. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь ﷻ жидеца лъик1аб г1амал гьабулел муъминзаби рокьулев вуго.**

Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьаб цо аяталда жаниб лъабго нухалъ Аллагьасдаса х1инкъиялъул бицен гьабуна, гьал (90-91) аятазда жаниб жидер х1укму бицарал х1арамал жал: хамро ва гьоркьоб жо лъун х1аял, ц1акъ к1удиял мунагьал рук1иналде кант1изарун ва гьездаса муъминзаби нахъе т1урк1изарун.

«Тасгьил» абураб тафсиралда абуна: гьаб аяталда жаниб бугеб

т1оцебесеб «Аллагьасдаса х1инкъа» абураб раг1и буго куфрулширкалде буссараб. К1иабилеб раг1и буго шарг1алда х1арам гьабураб жоялде буссараб. Лъабабилеб раг1и буго х1арамаб жоялде ккеялдаса х1инкъун шубгьаяб, караг1атаб, х1атта х1алалаб жо гьабизе х1инкъа Аллагьасдаса абураб маг1наялда бугеб- абун.

Т1адег1анав Аллагьас хамро ва цогидал чоркал жал х1арам гьарун рещт1изарурал гьаб чанго аяталда жаниб бат1и-бат1ияб ва рек1елъе бортулеб калам х1алт1изабуна.

Абусуг1уд абулев г1алимас абуна: гьеб чорокал ва къабих1ал г1амалал х1арам гьари Бет1ергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хурхизабуна жагьилаб заманаялъ рук1арал мушриказул г1адатазда: ч1оразда пал т1амулел, ганч1азе, заназе къурбан хъолел. Хадуб хамроги майсирги щайт1аналъул г1амал бук1инги бицана, цинги гьеб хамроялда ва майсиралда аск1орего къаге абуна: жинда аск1оре къазе бегьулареб жо ц1акъ х1арамаб бук1ин баян гьабун. Цинги гьеб хамроялдаги майсиралдаги жаниб бугеб дунялалъулги диналъулги пасалъаби рицана, гьеб хъубаб жоялдаса рик1к1алъарав чи бахьибугев вук1уневлъиги бицана. Аятазул ахиралдаги абуна: «Нужеца гьаб къабих1аб г1амал толарищ?» – абун. Гьеб ц1акъго къвак1араб амру буго ва гьелда жаниб кутакаб х1инкъи кьейиги буго-абун.

Цоги г1алимас абуна: Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръаналда жанир шарг1иял ах1камал рицунеб мехалъ, гьеб х1укмуялъул г1илла бицинч1ого тола, яги дагьабго жо бицун тола. Гьаб хамроги майсирги х1арам гьабиялъул аятал рещт1инарураб мехалъ, гьаб к1иябго жо х1арам гьабиялъе г1езег1анго мух1канал г1иллаби рицана: муъминзабазда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ к1оченави, гьезда как ва цогидаб г1ибадат тезаби, гьезда гьоркьоб тущманлъи ккейи. Хамроги майсирги щайт1аналъул г1амал бук1инги бицана, гьеб инсан къосизавулеб жо бук1инги бицана. Гьаб киналъулго мурад буго гьаб к1иябго жо ц1акъ зарал к1удияб бук1ин лъазаби ва гьелдаса г1адамал нахъч1вай.

Жинца мехтизе гьарулеб жо х1арамаб бук1ин машгьураб жо буго, гьединго х1арамал руго г1акълуялъе ва черхалъе зарал гьабулел наркотикал абун жидеда ц1ар тарал жалги. Жинца х1алт1изабизе х1арамаб жо цогидазе кьезеги бичизеги х1арамаб бук1уна. Гьеб бичун щвараб мухьги х1арамаб бук1уна.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1умарица бицараб халатаб х1адисалда жаниб буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нусалъ къот1ун ралъхьенгун хамро г1одобе чвахизабуна ва жинцаги абуна:

*«Аллагьас лаг1нат кьуна хамроялъе, гьеб гьекъарасеги, жинца*

*цогидазе гьекъезе къурасеги, гьеб баччун добе-гьанибехун босарасеги, жиндихъе хамро баччун бач1арасеги, жинца хамро гьабурасеги, хамро гьабизе цогидав т1амурасеги ва гьеб бичун щвараб жо кванарасеги»* – абун. Х1адис имам Абудавудица бицана.

Аллагьасдаса جل جلاله х1инкъарал, аварагасул صلى الله عليه وسلم нух ккурал муъминзабазе мунпаг1ат бугеб, гьелда г1амал гьабурав чи бахьибугевлъун лъугьунеб раг1и буго Алкъасим ибну Мух1аммад абулев г1алимас абураб: «Кинабго жинца Аллагь рехсеялдасаги гьесие как баялдасаги машгъул гьарулеб жо майсир буго» – абун.

Цо-цо ц1аларалг1адамаз щибго Аллагьасдаса جل جلاله х1инкъич1ого бат1и-бат1иял х1аял гьаризе, гьезухъ балагьизе ва гьезул «болелщикаллъун» рук1ине х1алал гьабулеб буго. Гьал ц1аларал г1адамазда лъалеб гьеч1о Къуръан-х1адисалда ц1ар рехсеч1еб, амма гьениб ц1ар рехсараб, гьениб х1укму бицараб жоялда релълъараб жоялъул х1укму доб Къуръан-х1адисалда ц1ар рехсараб жоялъул х1укму бук1унеблъи.

Къуръаналда ц1ар рехсон буго «майсир» абураб жоялъул. Г1алимзабаца ва имамзабаца гьеб майсиралъе маг1на гьабун буго: «Х1арамаб нухалда г1адамазул боц1и кванаялде нух бачунеб жо, муъминзабазда гьоркьоб даг1ба-къец ва тущманлъи ккезабулеб жо. Аллагьасе جل جلاله г1ибадат гьабиялдаса инсан машгъул гьавулеб жо»-абун. Гьаб маг1наялда борцараб мехалъ г1исинлъималаз расандизарулел ясик1абиги х1арамлъулин абуна Мужагьид ва Г1ат1аъ абулел машгьурал г1алимзабаз, ай гьоркьоб жо лъун гьел г1исинлъималаз расандизе гьарулел ясик1абиги х1азе бегьиларо абураб маг1наялда.

Гьединго жиндаса ц1аларал г1адамал гьапуллъун ругеб жо буго т1адег1анав Аллагьас جل جلاله хамроги майсирги х1арам гьабулеб мехалъ ва гьел х1арам гьариялъе г1иллаги бицунеб мехалъ абун бук1ин «Нужеда Аллагь рехсей к1оченабулеб, как тезабулеб, нужеда гьоркьоб тущманлъи ккезабулеб» – абун. Гьал г1иллаби жиделъ ругел киналго жал хамроялдаги майсиралдаги нахърег1изарун х1арамал рук1уна. Гьаб х1икмат к1очон, цох1о т1асангояб маг1на ххал гьабун Къуръаналдаса х1укму босизе рекъон бук1унаро.

Ибнухат1ибица абуна: Т1адег1анав Аллагьас جل جلاله абулеб буго: «Щайт1аналъе бокьула нуж Аллагь рехсеялдаса ва как баялдаса руссинаризе» – абун. Аллагь جل جلاله кин рехселев ва гьесие как кин балеб жиндир г1акълу гьеч1ев чияс: хамроги гьекъон, щайт1аналъ махсароде ккун, гьелъ гарбида кварги бан, х1айван г1адин, жиндие бокьаралъуве вачун унев. Гьединго Аллагь جل جلاله кин рехсолев майсир х1алев чияс: жиндирго хъизан-рукъ к1очон, квен-лъим к1очон гьеб

х1аялде т1адвуссарав ва жинда т1ад бугеб рет1елги, жанив ч1олеб минаги, ахиралда лъимал-хъизанги гьоркьоб лъун жив х1алев-абун.

Аяталъул ахиралда Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абун буго: «Нуж нахъч1ван ч1оларищ гьеб хъубаб г1амалалдаса»-абун. Гьаб раг1иялъул маг1на буго: Нуж щайт1аналъе мут1иг1лъиялдаса Аллагьасе мут1иг1лъиялде русса. Нужер иман бахъиялда х1инкъи бугел к1удиял мунагьаздаса руссун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун хьваде. Гьедин гьеч1они нужее ц1акъ гучаб г1азаб гьабизе буго абураб.

Т1адег1анав Аллагьас нилъеда х1акъаб жо лъазабеги ва гьелда нахърилълъине тавпикъги кьеги.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَيَبْلُوَنَّكُمُ ٱللَّهُ بِشَىْءٍ
مِّنَ ٱلصَّيْدِ تَنَالُهُۥٓ أَيْدِيكُمْ وَرِمَاحُكُمْ
لِيَعْلَمَ ٱللَّهُ مَن يَخَافُهُۥ بِٱلْغَيْبِ ۚ فَمَنِ ٱعْتَدَىٰ
بَعْدَ ذَٰلِكَ فَلَهُۥ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٩٤﴾

**94. Я гьал иман лъурал г1адамал! Х1еж бухьун ругеб мехалъ Аллагьас нужер х1албихьи гьабизе буго, нужер кверал ва ч1орал щолеб бак1алде чанги г1агар гьабун: гьесда лъазе щив вугев Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ г1емер х1инкъулев, г1адамазда гьоркьов вугеб ва гьездаса ват1аго вугеб мехалъги. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1арам гьабун бук1аго чан гьабурав чиясе жинца унтизабулеб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَقْتُلُوا۟ ٱلصَّيْدَ وَأَنتُمْ
حُرُمٌ ۚ وَمَن قَتَلَهُۥ مِنكُم مُّتَعَمِّدًا فَجَزَآءٌ
مِّثْلُ مَا قَتَلَ مِنَ ٱلنَّعَمِ يَحْكُمُ بِهِۦ ذَوَا عَدْلٍ
مِّنكُمْ هَدْيًۢا بَٰلِغَ ٱلْكَعْبَةِ أَوْ كَفَّٰرَةٌ طَعَامُ
مَسَٰكِينَ أَوْ عَدْلُ ذَٰلِكَ صِيَامًا لِّيَذُوقَ
وَبَالَ أَمْرِهِۦ ۗ عَفَا ٱللَّهُ عَمَّا سَلَفَ ۚ وَمَنْ عَادَ
فَيَنتَقِمُ ٱللَّهُ مِنْهُ ۚ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ ذُو ٱنتِقَامٍ ﴿٩٥﴾

**95. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца чан ч1ваге нуж х1еж бухьун ругеб мехалъ. Х1арамаб бук1ин лъалебги бук1аго бокьун чан ч1варав чиясе жазаъ буго гьеб чаналда рекъараб х1айван г1ак1аде бахъи. Г1ак1аде бахъизе кколеб х1айваналъе х1укму гьабила нужеда гьоркьосан к1иго г1адилав чияс. Гьеб г1ак1аде бахъараб х1айван хъун гьелъул гьан бикьила Маккаялда ругел мискинзабазе.**

Жинца ч1вараб чан х1инч1 бугони, я цоги жо бугони, жинда релъараб х1айван батизе зах1матаб, **гьев чияс чаналъул къимат кьела садакъаде. Х1айван босизе рес рекъеч1они Маккаялъул мискинзабазе т1аг1ам бикьила.** Чаналъул къимат гьабун, гьелъул къиматаб т1орщел босун, гьеб бикьила цо-цо муд цо-цо чиясе. Т1аг1ам босизе рес рекъеч1они цо-цо мудалде данде цо-цо к1ал кквела.

**чан ч1варав чиясда гьаб г1ак1а т1ад гьабуна, гьес х1еж бухьиналъул х1урмат хвезабиялъе г1оло. Чан х1арам гьабилелде цебеккун ккараб жоялдаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ т1аса лъугьуна. Х1арам гьабун хадубги чан ч1варасдаса Аллагьас ццим босула,** ай жинда т1ад г1ак1а лъола т1адехун рехсараб х1алалъ. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гуч бергьарав вуго ва жиндир амруялда г1ассилъаразе г1акъуба-г1азаб гьабулев вуго.**

أُحِلَّ لَكُمْ صَيْدُ ٱلْبَحْرِ وَطَعَامُهُۥ مَتَٰعًا لَّكُمْ
وَلِلسَّيَّارَةِ ۖ وَحُرِّمَ عَلَيْكُمْ صَيْدُ ٱلْبَرِّ مَا دُمْتُمْ
حُرُمًا ۗ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ٱلَّذِىٓ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ٩٦

**96. Нужее х1еж бухьараб мехалъ х1алал гьабун буго ралъдал х1айваназде чан гьабизе ва ралъдал рух1ч1аголъи кваназе.**

Х1еж бухьинч1еб мехалъги х1алал буго ралъдал х1айваназул гьан кваназе, рокъор ругезе ва сапаралда ругезе. **Гьеб нужер ризкъи буго, рукъоб кваналеб ва сапаралде цадахъ босулеб. Ракъдал х1айваназде чан гьаби х1арам гьабуна нуж х1еж бухьун ругеб мехалъ. Нуж х1инкъа гьал шарг1иял х1укмаби хвезаризе ва Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1ассилъизе. Ахир кинабго халкъ жиндихъе данде гьабулев вуго гьев Аллагь,** х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе.

۞ جَعَلَ ٱللَّهُ ٱلْكَعْبَةَ ٱلْبَيْتَ ٱلْحَرَامَ
قِيَٰمًا لِّلنَّاسِ وَٱلشَّهْرَ ٱلْحَرَامَ وَٱلْهَدْىَ وَٱلْقَلَٰٓئِدَ ۚ
ذَٰلِكَ لِتَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى
ٱلْأَرْضِ وَأَنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ٩٧

**97. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Каг1ба рукъ ва масжидул х1арам гьабуна г1адамазе маг1ишат гьабизе рес бугеб ва санаг1ат бугеблъун:**

гьезул диналъе ва дунялалъе къвариг1унеб жо Аллагьас гьеб Маккаялде бач1изабуна. **Гьединго рагъ х1арам гьабурал моц1алги гьаруна гьезие маг1ишат гьабизе санаг1ат бугеллъун,** гьел моц1азулъ тущманасдаса х1инкъи бук1унарелъул. **Х1ажизабаз маккаялде бач1унеб боц1иги** (гьадю ва къурбан) **гьабуна гьел Маккаялъул г1адамазе маслиг1ataлъе.** Гьаб рехсараб жо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабуна **нужеда лъазе г1оло Аллагь зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго жо лъалев вук1ин.** Кинабго махлукъаталъе маслиг1атаб жо лъала Аллагьасда **ва гьеб х1алалъ жинда кинабго жо лъалев вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ.

ٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ وَأَنَّ ٱللَّهَ
غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٩٨

**98. Нужеда лъай, я гьал г1адамал, т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда г1асилъарал г1адамазе къвак1араб, гучаб г1азаб гьабулев вук1ин. Гьединго нужеда лъай, Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазда гурх1улев, гьезул мунагьал чурулев вук1ин.**

Гьаб амру гьадин бугелъул нуж Аллагьасда г1асилъизе х1инкъа ва гьесул гурх1ел-ц1обалде хьул лъун т1аг1ат-г1ибадат гьабе.

**99. Аллагьасул расулсда т1адаб гьеч1о нужехъе х1акъаб дин щвезаби ва нужеда бит1араб нух бихьизаби гурони. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеца загьирго гьабулеб г1амал лъалев вуго,** лъик1абниги, квешабниги. **Ва нужеца г1адамаздаса балъго гьабулеб г1амалги лъалев вуго,**

مَّا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا
تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ﴿٩٩﴾

нужер рак1азулъ рук1унел къасдалги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ. Гьеб кинабго г1амал ахираталда жинда данде жазаъ гьабизесебги буго: лъик1аб г1амалалъе лъик1аб жазаъ бук1ина, квешаб г1амалалъе квешаб жазаъ бук1ина.

**100. Дуца гьел г1адамазда абе, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: хъубаб, чорокаб жоги бац1ц1адаб, х1алалаб жоги бащад бук1унаро, киг1анго хъубаб жо г1емер бук1аниги ва гьеб нужее бокьаниги.**

قُل لَّا يَسْتَوِى ٱلْخَبِيثُ وَٱلطَّيِّبُ
وَلَوْ أَعْجَبَكَ كَثْرَةُ ٱلْخَبِيثِ ۚ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ
يَٰٓأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿١٠٠﴾

Гьаб раг1и буго кинабго лъик1аб ва квешаб жоялда жинца щвей гьабулеб: х1алалаб, х1арамаб жоялда, Аллагьасе мут1иг1ав ва гьесда г1асилъарав чиясда, къадараб, г1одобег1анаб ва лъик1аб, къимат бугеб жоялдаги. Гьединго инсанас гьабулеб кинабго г1амалалдаги щвей гьабула гьаб раг1иялъ: даран-базар бугониги, х1алт1и-пиша бугониги, г1елму-г1амал бугониги. Гьаб кинабго жоялдаса хъубаб, къадараб, г1одобег1анаб, квешаб жо жиндилъ мунпаг1ат гьеч1еб, жиндир ахир баракат гьеч1еб бук1уна. Киг1анго г1емераб бугониги квешаб жоялдаса баракат ва бахьибуголъи бук1унаро.

Бац1ц1адаб, х1алалаб, лъик1аб жо киг1анго дагьаб бугониги, жиндилъ баракат бугеб бук1уна ва жиндир ахир лъик1аб бук1уна. Гьаб х1укму гьадин бугелъул. **Нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъа, я г1акълудал бет1ергьаби, нуж бахьи бугеллъун рук1ила.** Аллагьасдаса х1инкъун лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазул дунял-ахираталъул киналго умурал рит1ун ккола ва жидер лъик1лъиялда кверщел батула.

**101. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъуге нужер жинда х1ажалъи ккун гьеч1еб жо. Нужеца гьикъун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **х1укму рещт1изабураб мехалъ, гьеб нужее**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَسْـَٔلُوا۟ عَنْ أَشْيَآءَ
إِن تُبْدَ لَكُمْ تَسُؤْكُمْ وَإِن تَسْـَٔلُوا۟ عَنْهَا
حِينَ يُنَزَّلُ ٱلْقُرْءَانُ تُبْدَ لَكُمْ عَفَا ٱللَّهُ
عَنْهَا ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٌ ﴿١٠١﴾

**зах1матаб бук1ине бегьула. Аллагьас Къуръан рещт1изабулеб мехалъ нужеца аварагасда гьикъараб масъалаялъе х1укму бач1ине буго ва гьеб нужее зах1матаб бук1ине бегьула. Гьаб аят рещт1инег1ан цебеккун гьикъараб жоялдаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ т1аса лъугьана. Х1акълъунго Аллагь жив гурх1улев, жинца мунагьал рахчулев вуго.**

قَدْ سَأَلَهَا قَوْمٌ مِّن قَبْلِكُمْ ثُمَّ أَصْبَحُوا۟
بِهَا كَٰفِرِينَ ﴿١٠٢﴾

**102. Нужеда цере рук1арал къавмаз жидер аварагзабазда гьикъун бук1ана гьезие х1ажат гьеч1еб жоги. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьез гьарараб жо жидеда т1ад лъедал, гьелда инкар ккуна ва Аллагьасул амруялда г1асилъана.**

Нуж гьал къавмазда релълъун рук1унге ва Аллагьасулги аварагасулги х1укмуялъе мут1иг1лъун, гьелда нахърилълъун рук1а.

مَا جَعَلَ ٱللَّهُ مِنۢ بَحِيرَةٍ وَلَا سَآئِبَةٍ وَلَا وَصِيلَةٍ
وَلَا حَامٍ وَلَٰكِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يَفْتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ
ٱلْكَذِبَ وَأَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٠٣﴾

**103. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1арам гьарич1о «бах1ират», «саибат», «василат», «х1ам» абун жидеда ц1ар лъурал х1айванал. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал г1адамаз ва мушриказ гьесде г1унт1изабун гьереси бицунеб буго ва гьал х1айванал Аллагьас х1арам гьарунин абулеб буго. Гьал капурал г1адамазул г1емерисел жидеца бицунеб жо жидедаго лъаларел руго.**

Жидеда церехун рук1араз бицараб жо бицунел руго ва гьеб жо бит1арабищ, гьересийищ ц1ехоларел, жидер г1акълу дагьал г1адамал руго.

Г1арабазул мушриказул г1адат бук1ана цо-цо х1айванал жидеда бат1и-бат1ияб ц1арги лъун Аллагьасе тарал руго абун, жидер рахь беч1ч1ич1ого, гьезда т1ад рек1инч1ого толел. Гьаб г1адат исламалъ хвезабуна ва гьеб жагьилияб г1амал бук1ин бицун Аллагьас гьаб аятги рещт1изабуна.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا۟ إِلَىٰ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ وَإِلَى
ٱلرَّسُولِ قَالُوا۟ حَسْبُنَا مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ
ءَابَآءَنَآ أَوَلَوْ كَانَ ءَابَآؤُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ
شَيْـًٔا وَلَا يَهْتَدُونَ ﴿١٠٤﴾

**104.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ бит1араб нух тарал, гьелдаса къосарал г1адамазда абураб мехалъ: **нуж х1укму гьабизе рач1а Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рещт1изабураб Къуръаналда ва гьесул расуласухъе абун, гьез абулеб буго нижее г1езе буго нижер умумул жинда ратараб дин ва г1адат абун. Жидер умумул щибго жо лъаларел рук1аниги**

**ва битIараб нухда гьечIел рукIаниги гьезда нахърилълъун чIезейищха гьал ахIмакъал гIадамал ругел?**

**105. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужерго напсазда тIад чIей гьабе,**
гIасилъи гьабиялдаса напс гьукъе. Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялда

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ عَلَيۡكُمۡ أَنفُسَكُمۡۖ لَا يَضُرُّكُم مَّن ضَلَّ إِذَا ٱهۡتَدَيۡتُمۡۚ إِلَى ٱللَّهِ مَرۡجِعُكُمۡ جَمِيعٗا فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ١٠٥

ругьун гьабе, гьелда тIадги чIезабе. **Нуж Аллагьасул диналда ругеб мехалъ нужее жал къосарал гIадамаз щибго зарал гьабуларо.** Нужеца гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири-ажру нужее букIуна, гьезул къосиналъул мунагь ва гIазаб гьезие букIуна. **Нуж киналго Аллагьасде руссунел руго. Цинги нужеда бицине буго щивасул гIамал** ва нужее жазаъги гьабизе буго.

Гьаб аят цIаларав чиясда ракIалде ккезе бегьуларо амру-нагью тун, живго жиндаго вуссун чIа инсан абураб магIна бугин гьаб аяталъул абун. Инсан битIараб нухда тIовитIарав вукIиналъул гIаламат буго гьес амру-нагью гьаби, хIакъаб жо аби ва битIараб нухда гIадамал ахIи.

Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб букIана: муъминазаби цIакъ ракI къварилъун рукIунаан жидеда лъалел гIадамал исламалде рачIунарого, гьел исламалде рачIизе бокьун. Гьал муъминзабазул ракI гIодоб биччазабун абураб рагIи буго гьаб.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хирияв аварагасдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абуна: «дуца напсалъе къварилъи гьабуге гьел мушриказ иман лъезеян абун». Ва амма гьесда тIадаб букIана кинабго заманаялъ уммат исламалде ахIизе. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас цо къоялъ асхIабзабаздехун хитIаб гьабуна, жив минбаралда гIодов чIун вукIадго ва гьес абуна: *«Я гьал гIадамал! Нужеца гьаб аят цIалулеб буго ва гьелъул магIнаги мекъсан гьабулеб буго. Дида Аллагьасул свалат салам лъеяв аварag абулев рагIана: «цо гIадамазда мункараб жо бихьараб мехалъ, цинги жидеца гьеб мункар хисизабичIони (лъикIаб жоялде сверизе гьабун), гьел киназего гIаммаб гIазаб, гIакъуба гьабула Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ*»* – абун.

ХIадис имам АхIмадица бицана.

**106. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер цояв унтун вугони,** гьеб унтиги хвалил букIин лъараб мехалъ, **гьев чияс васият гьабе ва гьеб васияталъе нужеда гьоркьоса кIиго гIадилав чияс нугIлъиги гьабе. Нуж сапаралда ругони,**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ شَهَٰدَةُ بَيۡنِكُمۡ إِذَا حَضَرَ أَحَدَكُمُ ٱلۡمَوۡتُ حِينَ ٱلۡوَصِيَّةِ ٱثۡنَانِ ذَوَا عَدۡلٖ مِّنكُمۡ أَوۡ ءَاخَرَانِ مِنۡ غَيۡرِكُمۡ إِنۡ أَنتُمۡ ضَرَبۡتُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَأَصَٰبَتۡكُم

مُّصِيبَةُ ٱلْمَوْتِۚ تَحْبِسُونَهُمَا مِنۢ بَعْدِ ٱلصَّلَوٰةِ فَيُقْسِمَانِ بِٱللَّهِ إِنِ ٱرْتَبْتُمْ لَا نَشْتَرِى بِهِۦ ثَمَنًا وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ وَلَا نَكْتُمُ شَهَٰدَةَ ٱللَّهِ إِنَّآ إِذًا لَّمِنَ ٱلْءَاثِمِينَ ١٠٦

**гьенир нужеда хвалил унтиги т1аде щвани, гьаб нуг1лъи гьабизе бусурбаби ратич1еб бак1алда, к1иго чи ч1езаве нуг1лъун, щиб миллат ва щиб дин бугониги.**
**Цинги гьав к1иго нуг1 хварасул варисзаби ругеб бак1алде щвараб мехалъ ва гьел варисзаби гьав к1иго нуг1асул хабаралда божич1они, г1адамаз как бан хадуб** (г1адамал ругеб бак1алда) **гьев к1иявго чи гьа гьедизе т1амила: «Нижеца гьаб гьа гьедун х1арамаб боц1и х1алал гьабиларо, гьев чи нижер г1агарав чи вук1аниги. Нижеца Аллагьасе г1оло гьабулеб нуг1лъиги бахчиларо. Гьедин нуг1лъи бахчани ва х1арамаб гьа гьедани ниж рук1уна мунагьал гьарулел г1адамаздаса»**-абун.

فَإِنْ عُثِرَ عَلَىٰٓ أَنَّهُمَا ٱسْتَحَقَّآ إِثْمًا فَـَٔاخَرَانِ يَقُومَانِ مَقَامَهُمَا مِنَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَحَقَّ عَلَيْهِمُ ٱلْأَوْلَيَٰنِ فَيُقْسِمَانِ بِٱللَّهِ لَشَهَٰدَتُنَآ أَحَقُّ مِن شَهَٰدَتِهِمَا وَمَا ٱعْتَدَيْنَآ إِنَّآ إِذًا لَّمِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٠٧

**107. Гьаб гьа гьедун хадуб варисзабазда гьев к1иго нуг1асул хиянат, яги гьереси бицин лъараб мехалъ, варисзабазул бищун цевесев к1иго чи вахъина жидеца гьа гьедизе ва нуг1лъи гьабизе. Гьав к1иго варисас абула: «Ниж Аллагьасул ц1аралдалъун гьедулел руго нижеца бицунеб жо ва нижер нуг1лъи х1акъаб буго дов к1иго нуг1ас гьабураб нуг1лъиялдаса. Нижеца щибго жо т1ад ц1ик1к1инабич1о гьаб гьа гьедиялда жаниб. Нижеца гьа гьедиялда жаниб хиянат гьабуни, ниж зулму гьабулел г1адамаздаса рук1уна»**– абун.

ذَٰلِكَ أَدْنَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِٱلشَّهَٰدَةِ عَلَىٰ وَجْهِهَآ أَوْ يَخَافُوٓا۟ أَن تُرَدَّ أَيْمَٰنٌۢ بَعْدَ أَيْمَٰنِهِمْۗ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَٱسْمَعُوا۟ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْفَٰسِقِينَ ١٠٨

**108. Гьаб** цебе бицараб х1алалъ нуг1лъи гьаби ва гьа гьеди буго **нуг1лъи гьаби шарг1алда рекъон кколеб къаг1ида ва цоги дандехун нуг1лъи гьабулел г1адамал рахъун, гьазул нуг1лъи хвезабун, гьел къват1ир ч1вазарич1ого рук1иналъе сабабги. Нужер киналго х1алазулъ нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъа ва гьесул амруялде мут1иг1лъе. Х1акълъунго Аллагьас пасикъаб къавм алжаналде лъугьунеб нухда т1обит1уларо.**

Гьаб лъабго аяталда (106, 107, 108) жаниб бицараб васият гьаби ва нуг1лъи гьаби исламалъул авалалда бук1араб х1укму буго. Хадуб ирсалъул

аятаз гьаб васият гьабун ирс боси насхо гьабуна. Гьединго насхо гьабураб буго бусурбабаз цоги диналъул г1адамал нуг1лъун кквейги гьезда гьа гьедизабиги. Гьа баялда т1ад г1алимзабазул г1емераб хилап ва бах1с буго. Нилъеца гьаб хабар къокъго т1убазабила.

* يَوْمَ يَجْمَعُ ٱللَّهُ ٱلرُّسُلَ فَيَقُولُ مَاذَآ أُجِبْتُمْ ۖ
قَالُوا۟ لَا عِلْمَ لَنَآ ۖ إِنَّكَ أَنتَ عَلَّٰمُ ٱلْغُيُوبِ ﴿١٠٩﴾

**109. Нужеда рак1алде щва, я гьал г1адамал, Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ киналго аварагзаби данде гьарулеб къо. Ва жинца гьездаги гьикъулеб: «Нужеца умматал Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялде ах1араб мехалъ, гьел умматаз щиб жаваб кьураб?» – абун. Цинги аварагзабаца абулеб: «Нижеда лъалеб жо гьеч1о, бет1ергьан Аллагь صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дуда лъалелдаса т1адехун,** гьез нижее кьураб жавабги дуда лъала. Ниж хун хадуб гьез гьабураб г1амалги дуда лъала. **Х1акълъунго мун нижеда лъаларебги жо дуда лъалев вуго;** гьелъул загьираб рахъги ва бат1инаб рахъги лъалев вуго»-абун.

إِذْ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ ٱذْكُرْ نِعْمَتِى
عَلَيْكَ وَعَلَىٰ وَٰلِدَتِكَ إِذْ أَيَّدتُّكَ بِرُوحِ
ٱلْقُدُسِ تُكَلِّمُ ٱلنَّاسَ فِى ٱلْمَهْدِ وَكَهْلًا ۖ
وَإِذْ عَلَّمْتُكَ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ
وَٱلتَّوْرَىٰةَ وَٱلْإِنجِيلَ ۖ وَإِذْ تَخْلُقُ مِنَ ٱلطِّينِ
كَهَيْـَٔةِ ٱلطَّيْرِ بِإِذْنِى فَتَنفُخُ فِيهَا فَتَكُونُ
طَيْرًۢا بِإِذْنِى ۖ وَتُبْرِئُ ٱلْأَكْمَهَ وَٱلْأَبْرَصَ
بِإِذْنِى ۖ وَإِذْ تُخْرِجُ ٱلْمَوْتَىٰ بِإِذْنِى ۖ
وَإِذْ كَفَفْتُ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ عَنكَ
إِذْ جِئْتَهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟
مِنْهُمْ إِنْ هَٰذَآ إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿١١٠﴾

**110. Т1адег1анав Аллагьас Г1иса аварагасда абулеб г1ужги рехсе,** кьиямасеб кьоялъ халкъалда цере аварагзаби ах1араб мехалъ: «**Я Марьямил вас Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ! Дуда лъала гурищ дица дуе ва дур эбелалъе кьурал к1удиял ниг1матал. Дица мун гуч гьавуна Жабраил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ малаикги дуе квербакъи гьабизе вит1ун. Мун дица г1адамазде к1алъалевлъун гьавуна кинниялда жанив гьит1инаб лъимерлъун вугеб мехалъ ва к1удияв г1ун, авараглъун гьавураб мехальги. Гьединго дица дуе г1елму ва г1акълу кьуна, хъвай-ц1али лъазабуна, Инжил-Таврат ц1алулев ва гьеб г1адамазда лъазе гьабулевлъун гьавуна.**

**Дир амруялдалъун х1арщ буцун х1анч1ил сурат гьабун, цинги гьелда жаниб дуца пураб мехалъ, дир изнуялдалъун гьеб жо х1инч1 г1адин боржун унебги бук1ана. Дир амруялдалъун ва дир изнуялдалъун жал беццалго гьарурал г1адамалги дуца канлъи бихьулеллъун гьарулел рук1ана ва т1омода квешаб унти бугел г1адамалги сах гьарулел рук1ана.**

**Гьединго дир амруялдалъун хварал г1адамал ч1аго гьарулел рук1ана дуца. Бануисраилалги ккуна дица, мун х1акъал муг1жизаталгун гьезухье вач1араб мехалъ, дуе къварилъи гьабизе риччач1ого.** Гьез мун ч1вазе ва хъарщазда маг1аз вукъизе къасд гьабураб мехалъ, дица мун зодове вачана ва ягьудияз цоги чи ч1вана мун вугин абун рак1алде ккун. **Гьел ягьудияз дур х1акъал муг1жизатазда абулеб бук1ана гьаб жо унго-унгояб, баянаб сих1ру бугин абун.**

وَإِذۡ أَوۡحَيۡتُ إِلَى ٱلۡحَوَارِيِّـۧنَ أَنۡ ءَامِنُواْ بِي
وَبِرَسُولِي قَالُوٓاْ ءَامَنَّا وَٱشۡهَدۡ بِأَنَّنَا
مُسۡلِمُونَ ١١١

**111. Гьединго дуца рак1алде щвезабе дица х1авариюназда вах1ю гьабун абураб г1уж: нужеца дида иман лъе ва дир аварагсдаги иман лъе-абун. Гьез абуна: нижеца иман лъуна, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, ва дуца нуг1лъи гьабе ниж иман лъурал рук1иналъе»**- абун.

إِذۡ قَالَ ٱلۡحَوَارِيُّونَ يَٰعِيسَى ٱبۡنَ مَرۡيَمَ هَلۡ
يَسۡتَطِيعُ رَبُّكَ أَن يُنَزِّلَ عَلَيۡنَا مَآئِدَةٗ
مِّنَ ٱلسَّمَآءِۖ قَالَ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ إِن كُنتُم
مُّؤۡمِنِينَ ١١٢

**112. Гьединго дуца рак1алде щвезабе гьел х1авариюназ: «Я Г1иса, Марьямил вас! Дур бет1ергьан Аллагьасда к1олищ нижее зодисан маидат рещт1инабизе?» – абун, абураб г1уж.** Маидат буго квен-т1ех т1ад бугеб т1аг1ел (стол). **Г1иса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагас гьезда абуна: «Нуж иман лъурал ратани Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъе гьединаб жо абизе»** – абун.

قَالُواْ نُرِيدُ أَن نَّأۡكُلَ مِنۡهَا وَتَطۡمَئِنَّ قُلُوبُنَا
وَنَعۡلَمَ أَن قَدۡ صَدَقۡتَنَا وَنَكُونَ عَلَيۡهَا
مِنَ ٱلشَّٰهِدِينَ ١١٣

**113. Х1авариюназ абуна: «Нижее бокьун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зодиса рещт1изабураб т1аг1ам кванaзе ва иманалъулъ нижер рак1алги х1алхьезе. Ва гьединго лъазе бокьун буго якъинго, кинабго щаклъи т1аг1ун, мун рит1ухъав авараг вук1ин ва дуца жинда ах1улеб динги бит1араб бук1ин. Цогидазеги нуг1лъи гьабизе бокьунги буго мун рит1ухъав авараг вуго абун ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе муг1жизатлъун зодисан маидат рещт1изабуна абунги»-абун.**

قَالَ عِيسَى ٱبۡنُ مَرۡيَمَ ٱللَّهُمَّ رَبَّنَآ أَنزِلۡ عَلَيۡنَا
مَآئِدَةٗ مِّنَ ٱلسَّمَآءِ تَكُونُ لَنَا عِيدٗا لِّأَوَّلِنَا
وَءَاخِرِنَا وَءَايَةٗ مِّنكَۖ وَٱرۡزُقۡنَا وَأَنتَ خَيۡرُ
ٱلرَّٰزِقِينَ ١١٤

**114. Цинги Марьямил вас Г1исаца عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я нижер бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижее зодиса маидат рещт1изабе нижее рохеллъун бук1унеб, нижеда хадуб бач1унеб нижер диналда бугеб умматалъеги рохеллъун**

**жиб бук1унеб. Дур рахъалъан муг1жизатлъунги бук1ине дир авараглъи тасдикъ гьабулеб. Дуца нижее гьеб ризкъи кье Аллагь جَلَّجَلَالُهُ. Х1акълъунго мун ризкъи кьолезул бищунго лъик1ав вуго»-абун.**

Абусуг1удица абуна: Аллагьасул салам лъеяв Г1иса авараг квасул рет1ел т1ад рет1ун Аллагьасе какал разе ва гьесда гьаризе лъугьана, х1елун, г1одун къавмалъ гьарараб жо т1убазабуна, гьеб къавм жинда мут1иг1лъи ва нахъбилълъи бокьун.

قَالَ ٱللَّهُ إِنِّي مُنَزِّلُهَا عَلَيۡكُمۡۖ فَمَن يَكۡفُرۡ بَعۡدُ مِنكُمۡ فَإِنِّيٓ أُعَذِّبُهُۥ عَذَابٗا لَّآ أُعَذِّبُهُۥٓ أَحَدٗا مِّنَ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿١١٥﴾

115. Цинги Т1адег1анав Аллагьас Г1исал дуг1аялъе жаваб гьабуна **ва жинца абуна: «Дица нужее гьеб маидат рещт1инабизе буго. Ва амма гьеб маидат рещт1инабун хадуб жив капурлъарав чиясе, дица ц1акъ гучаб г1азаб гьабила, жеги гьединаб г1азаб цониги чиясе гьабич1еб г1адаб»** – абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалъулъ буго: *«Т1адег1анав Аллагьас зодиса маидат рещт1инабуна жинда т1ад гьан ва чед бугеб. Бануисраилазда амруги гьабуна метер кваназе абун нахъе жо лъогеян ва хиянат гьабуге абунги. Амма гьез хиянат гьабуна ва т1аг1ам нахъе лъунги тана. Аллагьас гьезие г1азаб гьабун маймалакаллъун ва болъоналлъун сверизе гьаруна»*–абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Т1адег1анав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1адат бугеб г1адин буго жинда гьарун жинца муг1жизат кьураб мехалъ, гьеб муг1жизаталда инкар ккурал г1адамал гьалаг гьарулеб.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица Ибнуг1аббасидаса х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда къурайшияз абуна: *«Дуца дур Бет1ергьанасда гьаре нижее сафа мег1ер меседиллъун гьабе ниж дуда божизе» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Цинги иман лъелищха нужеца» – абун. Къурайшияз абуна: «Лъела» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дуг1а гьабуна ва гьесухъе Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *Жабраил* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *вит1ун вач1ана. Жабраилас абуна: «Дур Бет1ергьан Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дуде салам бицунеб буго ва дудеги абулеб буго: дуе бокьани дица къурайшиязе Сафа мег1ер меседил гьабила. Гьеб муг1жизаталдаса хадуб гьездаса капурлъарав чиясе дица г1азаб гьабила жегиги цониги чиясе гьабич1еб г1адаб ва хадуб цогидазе гьабулареб г1азаб гьабиялъ. Дуе бокьани дица гьезие тавбоялъул ва рах1маталъул рагьо рагьила» – абун. Аварагас* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ *абуна: «Дуца гьезие тавбоялъул ва рах1маталъул рагьо*

*рагье»* – абун.

وَإِذۡ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَى ٱبۡنَ مَرۡيَمَ ءَأَنتَ قُلۡتَ لِلنَّاسِ
ٱتَّخِذُونِي وَأُمِّيَ إِلَٰهَيۡنِ مِن دُونِ ٱللَّهِۖ قَالَ
سُبۡحَٰنَكَ مَا يَكُونُ لِيٓ أَنۡ أَقُولَ مَا لَيۡسَ لِي بِحَقٍّۚ
إِن كُنتُ قُلۡتُهُۥ فَقَدۡ عَلِمۡتَهُۥۚ تَعۡلَمُ مَا فِي نَفۡسِي
وَلَآ أَعۡلَمُ مَا فِي نَفۡسِكَۚ إِنَّكَ أَنتَ عَلَّٰمُ ٱلۡغُيُوبِ ١١٦

**116. Гьединго Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Г1иса аварагасда абураб г1уж рехсе нужеца, нужее ваг1за ва г1ибрат бук1ине: «Я Марьямил вас Г1иса! Дуцайищ г1адамазда абураб нужеца дунги дир эбелги алагьаллъун ккве, Т1адег1анав Аллагьги живго тун абун. Г1иса عَلَيْهِ السَّلَام аварагас абуна: «Мун вац1ц1адав вуго Аллагь. Дие рес бук1унаро ва дида рекъоларо дица гьединаб жо абизе. Гьеб раг1и дица абун бук1арабани, дуда гьебги лъалаан. Мун вуго дир напсалъулъ бугеб жоги лъалев, дида лъаларо дур напсалъулъ бугеб жо. Мун балъгоял жалги ц1акъ лъалев,** кинабго жоялда сверун лъугьарав ва кинабго жоялъул авалги ахирги, загьирги, бат1инги лъалев вуго. Цебехун араб ва хадуб бач1инесебги лъалев вуго-абун.

مَا قُلۡتُ لَهُمۡ إِلَّا مَآ أَمَرۡتَنِي بِهِۦٓ أَنِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ
رَبِّي وَرَبَّكُمۡۚ وَكُنتُ عَلَيۡهِمۡ شَهِيدٗا مَّا دُمۡتُ
فِيهِمۡۖ فَلَمَّا تَوَفَّيۡتَنِي كُنتَ أَنتَ ٱلرَّقِيبَ عَلَيۡهِمۡۚ
وَأَنتَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ شَهِيدٌ ١١٧

**117. Дица умматалда абич1о дуца амру гьабураб жо гурони.** Дуца дида амру гьабураб жо буго: «**Нужеца г1ибадат гьабе цох1о Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ, дирги нужерги Бет1ергьанлъун жив вугев. Дун гьеб умматалда гьоркьов вугебг1ан мехалъ гьезда жо малъулевлъун ва гьезул х1ал лъалев, гьезие нуг1лъи гьабулевлъун вук1ана. Дуца дун хвезе гьавураб мехалъ мун вук1ана, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, гьезул кинабго г1амал дуда бихьулев ва лъалев. Х1акълъунго мун кинабго жо дуда лъалев ва гьелда т1ад дур хъаравуллъи бугев вуго.**

إِن تُعَذِّبۡهُمۡ فَإِنَّهُمۡ عِبَادُكَۖ وَإِن تَغۡفِرۡ لَهُمۡ
فَإِنَّكَ أَنتَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ١١٨

**118. Гьел лагъзадерие дуца г1азаб гьабуни, гьел дур лагъзал ругоха, Бет1ергьан,** ва гьезие дуе бокьараб х1укму гьабулев вуго. **Дуца гьел мунагьал чурун, т1аса лъугьун тани, мун ц1акъ гуч бергьарав, г1адлу бит1арав хан вуго, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.**

قَالَ ٱللَّهُ هَٰذَا يَوۡمُ يَنفَعُ ٱلصَّٰدِقِينَ صِدۡقُهُمۡۚ
لَهُمۡ جَنَّٰتٞ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ
أَبَدٗاۖ رَّضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ وَرَضُواْ عَنۡهُۚ
ذَٰلِكَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ١١٩

**119. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абуна: «Гьаб ахир къиямасеб къо буго дунялалда рит1ухъаллъун рук1арал г1адамазе гьеб рит1ухълъиялъ мунпаг1ат гьабулеб къо. Гьезие жидеда жанисан г1орал чвахулел алжанал руго.**

**Даимго рук1инелъун гьел алжаназулъ лъугьизарула. Гьездаса Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъун вук1уна,** дунялалда гьел Аллагьасе мут1иг1лъун рит1ухълъиялда ч1ун рук1иналъ. **Аллагьасдаса гьелги ц1акъго разилъун рук1уна** гьезул рак1алдаго хъат1ич1ел к1удиял, г1емерал алжаналъул ниг1матал жидее кьеялдалъун. **Гьаб буго ц1акъ к1удияб лъик1лъиялда кверщел бати.**

لِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا فِيهِنَّ ۚ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌۢ ﴿١٢٠﴾

**120. Т1адег1анав Аллагьасул милк ва мулк буго зобал-ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ кинабго жоялда х1алк1олев вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв имам Муслимица бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб сураталда жаниб бугеб (118) аят ц1алидал ва суратул Ибрагьималда бугеб (36) аятги ц1алидал* (дида нахъвилълъарав чи дир умматалдаса вуго. Дида г1асилъарал г1адамазда мун гурх1улев ва дуца мунагьал рахчулев вуго), *г1одулаго зодоре кверал рит1ана ва абуна: «Я дир Аллагь, дир уммат, дир уммат»–абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Жабраил малаикасда абуна: «Мун Мух1аммадихъе а, ва дуца гьесда гьикъе, щиб жоялъ мун г1одизавулев вугев?»-абун. Аллагь жинда лъалев вуго гьев г1одизе гьавулеб жо»-абун. Цинги жабраил عَلَيْهِ السَّلَامُ Мух1аммадихъе* ﷺ *вач1ун, гьесда гьикъана щиб жоялъ мун г1одизавулев вугев?–абун. Аварагас* ﷺ *Жабраилида бицана жиндир умматалда бугеб рек1ел бух1и. Т1адег1анав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьанжеги Жабраил вит1ана аварагасухъе ва жинцаги абуна: «Дица мун рази гьавизе вуго, Мух1аммад* ﷺ, *дур умматалъул амруялъулъ ва дица дуе квеш бук1унеб жоги гьабизе гьеч1о»* – абун.

Аллагьас нилълъ гьареги гьав Мух1аммадил ﷺ шапаг1ат щолездаса. Амин.

Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Маидаталъул тафсиралъул таржама хъван т1убана.
Кинабго реццги Т1адег1ав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

## 6. Суратул Анг1ам

سُورَةُ الأَنْعَام

*Маккаялда рещт1изабураб, жинда жаниб нусиялда лъабкъоялда щуго аят бугеб.*

*Цо чанго аят хут1изег1ан (Мадинаялда рещт1изабураб 9-10 аят хут1изег1ан) гьаб сурат цадахъго цо сордоялъ рещт1изабунин абуна г1алимзабаца. Гьаб сураталъ бицунеб жо буго иман-исламалда хурхараб, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялъул далилал, ахират бук1ин ва гьенир ругел умуралги. Къокъго абуни диналъул аслабазул бищунго к1удияб лъабго аслу бицунеб буго гьаб сураталда жаниб: Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналъул х1укму. Аварагصَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ вит1иялъул ва гьесда вах1ю гьабун Аллагьасул калам решт1изабиялъул. Ахир къиямасеб къоялъул, х1исаб-мизан гьабиялъул ва алжан-жужах1алъул х1укмуги. Гьаб сураталда жаниб шарг1иял ах1камал рицун гьеч1о ва китабияб агьлуялъул хабарги гьеч1о, жигьад гьабиялъул ва мунафикъазул масъалабиги рицун гьеч1о: гьаб кинабго жо буго гьижра гьабун хадуб исламияб давлат (пачалихъ) г1уц1улеб мехалъ жинда х1ажалъараб ва гьениб баян гьабураб.*

*Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1ин бицунаго цин гьелда т1орит1ел гьабулел г1аламатал ва х1ужаби баян гьарулел руго т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Цинги гьел х1ужаби рицун, гьездалъун жидеда даг1ват гьабун мушрикал ва капурал г1адамал исламияб диналде ах1улеб къаг1идаги бицун буго. Гьединго цересел умматазул аварагзаби гьереси гьарурал г1адамазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабураб г1азабги бицун буго. Аварагзабазул эмен ва халилулагь Ибрагьим عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварагас Аллагь цо вук1иналда кинаб г1акълияб далил бачараб бицун буго: зоб-ракьалда валагьун, бакъ-моц1алъул х1исаб гьабун. Сураталъул ахиралда киналго аварагзабазе васият гьабурал ва киналго т1ахьазда ругел васияталги гьарулел руго гьаб умматалъеги.*

*Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ инсан гьаб ракьалда т1ад халипалъун гьавун вук1ин ва гьеб ракьалда т1ад г1адамазе рах1атаб, талих1аб ва Аллагьасул шарг1алда рекъараб ч1аголъи г1уц1изе инсанасда жиндаго т1ад къан бук1инги бицунеб буго. Гьединаб г1умру г1уц1изе ккани, Аллагьасдехун ширк гьабунгут1и, зина, ц1огь тезе ккейи, г1адамал ч1вай, чияр боц1и кванай тезе ккей, бесдал лъималазе къварилъи гьаби, ч1агого ясал ракьулъ рукъи тезе ккей, къали-ц1адиро*

*тlубазабизе ккей, бицараб рагlи тlубазаби, эбел-инсудехун рахlму гьаби ва киналго жиндир гlамалазулъ ритlухъав вукlине ккей бицун буго.*

***Жив гурхlулев, гурхlел гlамав Аллагьасул цlаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَجَعَلَ ٱلظُّلُمَٰتِ وَٱلنُّورَ ثُمَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُونَ ١

1. Тlадегlанав Аллагьас ﷻ гьаб сураталъе байбихьи гьабуна жиндирго напсалъе рецц гьабиялдалъун: гьесул лагъзадериде лъазе Бетlергьан Аллагьасе рецц кин гьабулеб ва Аллагьас ﷻ малъараб хlалалъ гьесие рецц гьабизе. Жинца гlемерал сипатал жанир рачунеб: Аллагь ﷻ гучав вукlиналда, жив веццизе мустахlикъав вукlиналда ва жиндир киналго рахъал камилав вукlиналда тlоритlел гьабулеб рецц гьабизе. Тlадегlанав Аллагьас ﷻ абуна:

**Кинабго реццалъул бетlергьан Аллагь ﷻ вуго, жинца зобал-ракьал рижарав ва жинца сордо-къоги гьабурав жинда жаниб** (нур) **гвангъи бугеб ва бецlлъиги бугеб. Аллагь ﷻ вукlиналда ва гьев цо вукlиналда тlоритlел гьабулел хlужаби ругониги капурал гlадамаз гьесдехун ширк гьабулеб буго.** жидерго кверaз гьарурал хъанчалги, сурталги, Аллагьас ﷻ бижараб цогидаб махлукъатги жидее гlибадат гьабулел жаллъун ккун руго.

Гьаб аяталъул магlна буго: нужеца рецц гьабе, я гьал гlадамал, нужее гlемерал нигlматал чlорого къурав Бетlергьанасе. Жиндир сахавалъиялдалъун зобал-ракьал ва гьезда жанир ругел батlи-батlиял, гlажаибал жал рижарав, жидеца инсанасул гlакълу хlайран гьабулел, жидер хlикмат гъваридал, бижин камилал. Уммат хlакъаб нухда тlобитlулеб, жиб гвангъараб, жинда нахъвилълъарав чи кидаго къосулареб нурги бижарав. Жидер гlакълу тlубачlел, иман загlипал гlадамал щайтlаналъ къосизарун хlакъаб жоялдаса рикlкlад гьарулеб, бецlлъиялъул нухалги рижарав.

Гьал капурал гlадамазул ахlмакълъи ва къабихlлъи гlеларищха жидее Аллагь ﷻ цо вукlинги бицараб мехалъ, зобал-ракьалги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъги Аллагьас ﷻ бижараб гьесул мулк ва лагъзал рукlин бицараб мехалъ, гьелъие мухlканал гlакълиял далилалги рицараб мехалъ, жидеца гьаб кинабго жо мугъалде нахъе рехулел ва Аллагьасе гlибадат гьабиялдаса руссун куфру-ширкалда чlолел. Гьезул мисал буго: цо чи цоги чияс хьихьун, кlодо гьавун,

гьесие кинабго лъик1лъи гьабун, гьев балугълъиялда ва г1умру гьабизе к1олеб бак1алде вахараб мехалъ жиндие дов чиясул кинабго лъик1лъи к1очонеб ва гьев г1одовег1ан гьавизе жив гьесда дандеги вахъунев.

هُوَ ٱلَّذِي خَلَقَكُم مِّن طِينٍ ثُمَّ قَضَىٰٓ أَجَلًا ۖ وَأَجَلٌ مُّسَمًّى عِندَهُۥ ۖ ثُمَّ أَنتُمْ تَمْتَرُونَ ٢

**2. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго нужер Бет1ергьан, жинца нуж х1арщалдасан рижарав.** Нужер эмен Адам х1арщалдасан вижун, **цинги нужее ажалги гьабурав.**

Нужеца дунялалда балеб заман ва нуж холеб заман къадар гьабун. **Цоги ажалги гьабураб жинда аск1об ц1унун бугеб ва жив гурев чиясда жиб лъалареб.** Гьеб буго кинабго халкъ т1аде бахъинабулеб заман х1исаб-мизан ва жазаъ гьибизе. **Цингиги нуж щакдарулел руго, я гьал капурал г1адамал, ахират бук1иналда ва х1исаб-мизан бук1иналдаги.**

وَهُوَ ٱللَّهُ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَفِي ٱلْأَرْضِ ۖ يَعْلَمُ سِرَّكُمْ وَجَهْرَكُمْ وَيَعْلَمُ مَا تَكْسِبُونَ ٣

**3. Гьев Бет1ергьан** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго, жив зобалаздаги Аллагьлъун вугев ва ракьалдаги Аллагьлъун вугев.**

Зобалазулъ ва ракьалда бугеб махлукъаталъ жиндие лагълъи гьабулев гьеб киналъулго хан вуго гьев. ва **Аллагьасе нужер рак1азда бугеб балъгояб жо лъала ва нужеца загьиралда гьабураб жоги лъала, кинабго нужеца гьабулеб пишаги лъала Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ ва гьеб пишаялда рекъараб жазаъги гьабула.

وَمَا تَأْتِيهِم مِّنْ ءَايَةٍ مِّنْ ءَايَٰتِ رَبِّهِمْ إِلَّا كَانُوا۟ عَنْهَا مُعْرِضِينَ ٤

**4. Капураб къавмалъухъе Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан аятал ва муг1жизатал рач1анщинахъе, жидеца гьел аятазда инкар ккуна ва гьел аятазул ва муг1жизатазул пикру гьабиялдаса, гьездаса мунпаг1ат босиялдаса руссун ч1ана.**

Гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ зобал-ракьазулъ ругел г1аламатазул ва аварагзабазе кьурал муг1жизатазул пикру гьабун бук1арабани, жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъелаан ва аварагзабазда нахърилълъинаан.

فَقَدْ كَذَّبُوا۟ بِٱلْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ ۖ فَسَوْفَ يَأْتِيهِمْ أَنۢبَٰٓؤُا۟ مَا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ٥

**5. Аллагьасул рахъалъан бач1араб х1акъаб Къуръанги гьереси гьабуна гьез.**

Дол цересел аварагзабиги, гьезда рещт1изарурал т1ахьалги цересел уматаз гьереси гьарурал г1адинго. **Гьезда т1аде бач1изе буго,** гьаб дунялалдаго бач1ун, яги ахираталда бач1ун, **гьез гьереси гьабураб жоялъул хабар** ва гьезие гьелъул

г1акъуба-г1азабги бук1ине буго.

أَلَمْ يَرَوْا كَمْ أَهْلَكْنَا مِن قَبْلِهِم مِّن قَرْنٍ
مَّكَّنَّاهُمْ فِي الْأَرْضِ مَا لَمْ نُمَكِّن لَّكُمْ وَأَرْسَلْنَا
السَّمَاءَ عَلَيْهِم مِّدْرَارًا وَجَعَلْنَا الْأَنْهَارَ تَجْرِي
مِن تَحْتِهِمْ فَأَهْلَكْنَاهُم بِذُنُوبِهِمْ وَأَنشَأْنَا مِن
بَعْدِهِمْ قَرْنًا آخَرِينَ ﴿٦﴾

6. **Гьал куфаразда ва мушриказда бихьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ чан уммат дица гьалаг гьабураб гьаздаса цере рук1арал ва жидее ракьалда т1ад бечелъиги, ханлъиги кьун бук1арал, нужее кьуралдаса г1емераб ва лъик1аб. Дица гьезие зодисан ц1адги базе гьабулаан. Гьезул ахал-хурзабахъан лъел г1оралги чвахизарулаан. Цинги гьез к1удиял мунагьал гьарураб мехалъ дица гьел къавмал гьалаг гьаруна,** гьел г1ассилъараб мехалъ ва гьез Аллагьасул ниг1матазде инкарги ккураб мехалъ. **Ва дица гьел умматал гьалаг гьарун хадуб гьезул бак1алда цоги къавмал рижана.** Гьединаб г1азаб гьабила дица Маккаялъул мушриказеги гьез иман лъеч1они ва Мух1аммад ﷺ аварагасда нахърилълъинч1они.

وَلَوْ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ كِتَابًا فِي قِرْطَاسٍ فَلَمَسُوهُ بِأَيْدِيهِمْ
لَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿٧﴾

7. Гьаб аят рещт1изабиялъе сабаб бицана: Маккаялъул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда абуна: «Я Мух1аммад! Бичасх1аги, нижеца дуда иман лъеларо мун Аллагьасул т1ехьги босун вач1ун гурони ва ункъго малаикги вач1ун гурони гьеб т1ехь Аллагьас рещт1изабураб бугин ва мунги гьесул расул вугин абун жидеца нуг1лъи гьабулел» – абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьаб аят рещт1инабуна: **Дица дуде т1ехь рещт1инабуниги, Мух1аммад ﷺ, жиб кагътида хъвараб ва жидер квераз кодоб ккун гьел т1аде ралагьулеб:** жидер щаклъи т1аса ине ва жидер ишкал борхизе, **цингиги капурал г1адамаз абизе бук1ана гьаб жо ц1акъ к1удияб сих1ро бугин абун.**

وَقَالُوا لَوْلَا أُنزِلَ عَلَيْهِ مَلَكٌ ۖ وَلَوْ أَنزَلْنَا مَلَكًا
لَّقُضِيَ الْأَمْرُ ثُمَّ لَا يُنظَرُونَ ﴿٨﴾

8. **Хадуб жидеца абизе бук1ана гьав Мух1аммадида ﷺ малаик рещт1инавулевани абун.** жидеда гьев малаик к1алъазе ва гьес нуг1лъи гьабизе Мух1аммад авараг ﷺ вуго абун. Гьал харбал руго мушриказул гьерсал, жидее х1ужа-далил бач1анщинахъе цоги х1ужа ц1ехолел. Гьеб иман лъезе бокьарал г1адамазул пиша гьеч1о.

**Гьез тlалаб гьабураб мехалъ гьезда малаик витlани** жидеда гьев вихьи хlехьезе кlолароан **ва гьел гьалаглъизе рукlана ва гьезул гьалаглъи нахъбахъизе букlинчlо.**

Цоги маглна гьабуна: жидеда малаик витlун хадубги гьел капурлъараб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гlадаталда рекъон гьел гьалаг гьаризе рукlана ва тавбо гьабизе, гlузру бачизе нахъе рахъун тезе рукlинчlо абун.

**9. Дица жидехъе малаик витlун вукlаравани, гьевги цо чиясул сураталда витlизе вукlана.**
жидеда малаик вихьизе кlоларо гьесул хlакъикъияб сураталда. **Гьанжеги жидер долго щакдарабиги ва батlулал харбалги гlемерлъизе рукlана.** Жидеца абилаан гьав чи инсан вуго малаик гуро абун.

وَلَوْ جَعَلْنَٰهُ مَلَكًا لَّجَعَلْنَٰهُ رَجُلًا
وَلَلَبَسْنَا عَلَيْهِم مَّا يَلْبِسُونَ ٩

**10. Хlакълъунго дудаса церехун рукlарал аварагзабазда тlадги махсаро гьабуна, Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, капураб къавмалъ. Цинги гьел къавмазда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел жиндие мустахlикълъараб гlазабги чlамизабуна гьез Аллагьасул аварагзаби عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ махсароде кквеялда данде.**

وَلَقَدِ ٱسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ فَحَاقَ
بِٱلَّذِينَ سَخِرُوا۟ مِنْهُم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ
يَسْتَهْزِءُونَ ١٠

**11. Дуца къавмалда абе, Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: нуж гьаб ракьалда тlад хьваде,** нужер даран-базаралъе ва цогидал ишазе. **Цинги чlунтарал росаби ва пасалъарал ахал-хурзал рихьараб мехалъ нужеца пикру гьабе гьел церехун арал, Аллагьги аварагзабиги гьереси гьарулел рукlарал гlадамазул ахир кин ккараб абун.**

قُلْ سِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ ثُمَّ ٱنظُرُوا۟ كَيْفَ
كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُكَذِّبِينَ ١١

Гьел киналго цо-цо балагь биччан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьаруна ва жидеца гьесие глибадат гьабиги тун данде гьабулеб букlараб дунялалъул маглишатги гьелгун цадахъ гьалаглъана, яги жидер тущбабазе хутlана, гьез мунпаглат босизе.

**12. Дуца гьел мушриказда абе, Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ:, гьал зобалазда ва ракьазда бугеб кинабго махлукъат лъил бугеб?-абун. Цинги дуца гьезда абе, Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьеб кинабго жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мулк буго абун.**

قُل لِّمَن مَّا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ قُل لِّلَّهِ ۚ
كَتَبَ عَلَىٰ نَفْسِهِ ٱلرَّحْمَةَ ۚ لَيَجْمَعَنَّكُمْ
إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟
أَنفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ١٢

Жидеца дуе гьеб жаваб кьечlониги, капураб къавмалъул гьелдаса батlияб жаваб кьезе хlужжа гьечlелъул. **Лагъзадерида гурхlел-рахlму гьаби жиндирго напсалда тlад гьабуравги вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ. Тавбо гьабун, куфру-ширк тун Аллагьасде вуссарав чи жинца къабул гьавулев вуго. Лагъзадерие гlакъуба гьабизе гlедегlуларевги вуго. **Тlадегlанав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж киналго, жиндилъ щибго щаклъи гьечlеб, къиямасеб къоялъ данде гьаризе руго ва** нужер гlамалазе жазаъги гьабизе буго. **Дунялалда куфру-ширкалда хьвадун, ахираталъе чlорого хутlарал гlадамал – жидеца иман лъечlел гlадамал руго.** Ва жидее ахираталда щибго лъикlлъи букlунарелги руго.

**13. Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **мулк буго сордо-къоялда жаниб жиб чlараб кинабго жоги.**

۞وَلَهُۥ مَا سَكَنَ فِي ٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِۚ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ١٣

Гьеб кинабго жинца бижараб, жиндир къуваталда ва ихтиаралда гьоркь бугеб буго. **Хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда рагlулев ва жинда бихьулев вуго.**

Гьаб аяталда жаниб «Сордо-къоялда жаниб чlараб жо»-абиялъул мурад буго, кинабго махлукъат Аллагьасул мулк буго абураб. Сордо-къо цоялъ цояб хисун даимго бачlунеб ва унеб жо бугелъул, гьеб сордо-къоялда жаниб буго нилъеда бихьулеб гlемерисеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъатги.

**14. Дуца абе, Мухlаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**: Аллагьги тун дица цоги щив кколев гьудуллъун ва валилъун. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца ризкъи кьолев ва жив ризкъиялда хlажат гьечlев, жинца зобал-ракьалги рижарав.**

قُلۡ أَغَيۡرَ ٱللَّهِ أَتَّخِذُ وَلِيّٗا فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَهُوَ يُطۡعِمُ وَلَا يُطۡعَمُۗ قُلۡ إِنِّيٓ أُمِرۡتُ أَنۡ أَكُونَ أَوَّلَ مَنۡ أَسۡلَمَۖ وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلۡمُشۡرِكِينَ ١٤

Гьев Аллагьасе гьабичlого цоги щиб жоялъе гlибадат гьабилебан абе мушриказда. **Цоги дуца абе, Мухlаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**: Аллагьас дида амру гьабун буго гьаб исламияб диналъул умматалдаса жидеца иман лъуразул тlоцевесев вукlа дун абун. Ва дида лъазабун буго дун мушриказдаса вукlунге абун.**

**15. Жегиги дуца абе, Мухlаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**! Дун Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гlазабалдаса хlинкъула, гьесда гlасилъани диде щолеб. Гьеб гlазабги жиндир амру цlакъ кlудияб къиямасеб къоялъул**

قُلۡ إِنِّيٓ أَخَافُ إِنۡ عَصَيۡتُ رَبِّي عَذَابَ يَوۡمٍ عَظِيمٖ ١٥

**г1азаб буго.**

مَّن يُصْرَفْ عَنْهُ يَوْمَئِذٍ فَقَدْ رَحِمَهُۥ ۚ وَذَٰلِكَ ٱلْفَوْزُ ٱلْمُبِينُ ﴿١٦﴾

**16. Къиямасеб къоялъул г1азаб жинда щвечIев, гьеб г1азаб жиндаса рик1к1ад гьабурав чи вуго жинда Аллагь гурх1арав. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1иги жиб баянаб ва ц1акъ к1удияб лъик1лъиялда кверщел бати буго.**

وَإِن يَمْسَسْكَ ٱللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُۥٓ إِلَّا هُوَ ۖ وَإِن يَمْسَسْكَ بِخَيْرٍ فَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٧﴾

**17. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуда т1ад цо къварилъи биччани, дудаса гьеб къварилъи борхулев щивго чи гьеч1о, цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев. Аллагьас дуда цо лъик1лъи щвезабуни** гьеб лъик1лъи нахъч1вазе к1олев чиги вук1унаро. **Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кинабго жоялда х1ал к1олев вуго.**

وَهُوَ ٱلْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْحَكِيمُ ٱلْخَبِيرُ ﴿١٨﴾

**18. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъзадерида т1ад х1алк1олъи ва гуч бергьарав вуго.**
Жиндие киналго г1адамал х1елулев вуго, къуватал, гучал зулмучаг1иги жинда цере г1одорег1анлъулев вуго, г1адамазул къадру к1удиялги жиндие мут1иг1лъулев вуго. **Жиндир киналго пишабазулъ х1акимав вуго:** цо маслих1ат гьеч1еб жо гьабуларев, **кинабго жоялъул г1илму-лъай кодоб бугевги вуго.**

قُلْ أَىُّ شَىْءٍ أَكْبَرُ شَهَٰدَةً ۖ قُلِ ٱللَّهُ ۖ شَهِيدٌۢ بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ ۚ وَأُوحِىَ إِلَىَّ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانُ لِأُنذِرَكُم بِهِۦ وَمَنۢ بَلَغَ ۚ أَئِنَّكُمْ لَتَشْهَدُونَ أَنَّ مَعَ ٱللَّهِ ءَالِهَةً أُخْرَىٰ ۚ قُل لَّآ أَشْهَدُ ۚ قُلْ إِنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ وَإِنَّنِى بَرِىٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُونَ ﴿١٩﴾

**19.** Гьаб аят рещт1инабиялъе сабаб бицана: къурайшиязул церехъаби данделъун, гьез Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «Я Мух1аммад! Нижеда цониги чи вихьулев гьеч1о жинца мун рит1ухъ гьавулев дур «дун авараг вуго» - абураб хабаралъулъ. Нижеца ягьудияздаги гьикъана. Гьез абулеб буго жидер г1елмуялда жаниб дур рехсей гьеч1ин ва дур сипаталги гьеч1ин. Дуца нижеда вихьизаве мун авараг вугин абун дуе нуг1лъи гьабулев чи» – абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещт1инабуна.

**Дуца Къурайшазда абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Щиб бугеб жиб нуг1лъун бук1иналъул рахъалъан бищун к1удияб жо:** гьеб жоялъ дие нуг1лъи гьабизе дун рит1ухъав авараг вуго абун, Къурайшияз жаваб кьеч1они дуца абе Мух1амад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **Аллагь вуго бищунго к1удияв нуг1 дун авараг вук1иналъе. Гьев вуго нуг1лъи гьабулев**

**нужедаги дидаги гьоркьоб бугеб хабаралъе. Дида гьаб Къуръанги вахlю гьабун рещтlинабун буго дица нужее гьелдалъун хlинкъи кьезе ва кинавго гьелъул ахlи жинда щварав чиясеги хlинкъи кьезе,** къиямасеб къо тlаде щвезегlан. Жидеца Аллагь ﷻ цо гьавун, аварагзаби ритlухъ гьарун гlибадат гьабичlони, жидее ахираталда абадияб жужахl букlине буго абун.

**Нужищ ругел, я мушрикал, нужеца нугlлъи гьабулел Аллагьгун цадахъ цоги алагьзаби руго абун.** Баянал хlужабаздалъун ва далилаздалъун Аллагь цо вукlин бицун букlун хадубги. **Дуца абе Мухlамад ﷺ Дица нугlлъи гьабуларо нужеца нугlлъи гьабулеб жоялъе. Дуца абе, Мухlаммад ﷺ: хlакълъунго Аллагь ﷻ жив цогояв Аллагь вуго абун. Дунги вацlцlадав вуго нужеца Аллагьасде ширк гьабулеб жоялдаса.**

ٱلَّذِينَ ءَاتَيْنَٰهُمُ ٱلْكِتَٰبَ يَعْرِفُونَهُۥ كَمَا يَعْرِفُونَ أَبْنَآءَهُمُ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠﴾

**20. Жидехъе тlехь кьурал ягьудиязда ва насраниязда Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад авараг лъала** Инжил Тавраталда рехсарал сипатаздалъун **жидерго вас жидеда лъалев гlадин лъикl, щибго щаклъи гьечlого. Гьел аварагасул сипаталги гlадамаздаса рахчун, жидецаго иманги лъечlого хьвадарал гlадамал жидер кинабго гlамал гlадада хварал руго ва хадубги жидеца иман лъоларел руго.**

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِـَٔايَٰتِهِۦٓ ۗ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٢١﴾

**21. Жиндир зулму кlудияв чи щивха вукlинев жинца Аллагьасул ﷻ цlар гьоркьоб ккун, гьесде гlунтlизабун гьереси бицунев чиясдаса, яги жинца Аллагьасул хlакъал мугlжизатал ва гlаламатал гьереси гьарулев чиясдаса. Хlакълъунго жидеца зулму гьабулел гlадамазул лъикlлъиялда кверщел батуларо.**

Гьаб аяталъ жидее сипат гьабурал гlадамал цlакъго квешал гlадамал руго: Аллагьас гьечlин абураб жо жидеца бугеблъун чlезабулел ширк гьабун, гьереси бицун. Аллагьас бугоян абураб жо гьечlеблъунги чlезабулел: Аллагьасул аварагзаби ва тlахьал гьереси гьарун.

وَيَوْمَ نَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ نَقُولُ لِلَّذِينَ أَشْرَكُوٓا۟ أَيْنَ شُرَكَآؤُكُمُ ٱلَّذِينَ كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٢٢﴾

**22. Гьеб къавмалъе дуца бице, Мухlаммад ﷺ, дица гьел киналго тlаде рахъизарун хlисаб-мизаналъе цере чlезарулеб къо. Цинги жидеца ширк гьабураздаги абулеб кинабго халкъалда цере чlезе гьарун,**

**гьеб халкъалъе жал инжит гьарун: кир ругел нужер алагьзаби, диде ширк гьабун жидее лагълъи гьабурал ва нужеца гьересияб нуг1лъи гьабулеб бук1арал нужее гьел алагьзабаца ахираталда кумек гьабизе бугин абун?**

ثُمَّ لَمْ تَكُن فِتْنَتُهُمْ إِلَّآ أَن قَالُوا۟ وَٱللَّهِ رَبِّنَا مَا كُنَّا مُشْرِكِينَ ﴿٢٣﴾

**23. Цинги гьел мушриказул кьезе жаваб бук1унаро** ва гьаб х1алалъ халкъалда цере г1одорег1ан гьаридал жидерго ах1макълъиялъ гьанжеги гьереси бицине ургъула ва Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазда гурх1улев ва гьездаса т1аса лъугьунев ватидал, жидер ширк гуреб мунагьалдаса Аллагь т1аса лъугьиналда хьул лъун, гьез абула: **«Дур ц1аралдалъун гьедулел руго ниж, я нижер Бет1ергьан Аллагь, нижеца ширк гьабич1о» - абун.** Ц1акъ к1удияб гьа гьедула жидеца ва ц1акъ к1удияб гьереси бицуна.

Цинги Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул к1алазда мугьру ч1вала ва жидер щибаб лага к1алъазабула дунялалда ругеб мехалъ гьабураб г1амал бицун ва гьезул х1ужа къот1изабун. Гьедин жал мук1ур гьарун, жидее х1адурараб ва жидеца бокьун т1аса бищараб жужах1алде лъугьине гьарула. Ахираталде щвараб мехалъ куфру-ширкалъул агьлу Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мук1урлъана абун гьезие щибго мунпаг1ат бук1унаро— гьеб г1амал гьабулеб рукъ гьеч1елъул. Гьеб буго гьабураб г1амалалде данде жазаъ гьабулеб рукъ.

Ва амма муъминзабазе кумек бук1уна ахираталда гьел жидедаса ккарал мунагьазда мук1урлъиялъул, гьел дунялалда Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, гьесул дин т1ад босун хьвадун рук1индал. Гьазул мисал буго цо ханас жиндие хур бекьун, хьан, бухъун, къач1ан, лъилъун т1орщел бак1арун хаслихъе гьеб т1орщел босун жиндихъе рач1а абун лъазабун х1алт1изе т1амурал г1адамазул. гьезда лъазабун бук1арал х1алт1и т1убазабуразе ужра бук1ине бугин, х1алт1и гьабич1езе тамих1 бук1ине бугин абун. Хаслихъе цо г1адамал жиндихъе т1орщелги босун рач1араб мехалъ ва жидедаса х1алт1улъ ккараб тохлъи, жагьаллъиялда мук1урлъун т1аса лъугьинги гьарараб мехалъ, гьав ханас гьазул гьари къабул гьабула, гьазул х1алт1ухъ мухьги кьола, г1емерго жив разилъарав х1алт1ухъанасе т1адеги сайгъаталги кьола.

Цоги г1адамаз щибго х1алт1иги гьабич1еб мехалъ, хадур чаг1и рит1ун гьез рачун гурони ханасда цереги рач1инч1еб мехалъ, гьелдаги т1аде гьересиги бицун хан гуккизе къасдги гьабидал, гьел г1адамазе тамих1 гьабулеблъиги х1акъаб жо буго. Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ханзабазулги хан вугелъул бищунго гурх1улев, рит1ухъав, жинца гьабураб къот1ые

хилиплъуларев вугелъул, гьав Аллагьас жиндие мут1иг1азул г1узру къабул гьабиги х1акъаб жо буго, жинда г1ассилъарал, жиндир амрунагью тун, гьелъул г1аксабщинаб жо гьабун хьвадаразе тамих1 гьабиги х1акъаб жо буго.

T1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагзаби рит1ун, гьезухъе вах1ю гьабун т1ахьал рещт1ун, кинабго заманаялъ киналго умматазе гьабураб къот1и буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесдехун ширк гьабич1ого хьвадарал г1адамал алжаналде лъугьинаризе ва Аллагьасдаги гьесул аварагзабаздаги инкар ккураб куфру-ширкалъул агьло жужах1алде лъугьинабизе. T1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьеб къот1уе хилиплъулаевлъи лъан, гьев разилъи т1алаб гьабун, гьесул ццим бахъиналдаса х1инкъун, гьесие г1ибадат гьабулел лагъзаллъун нилъ гьареги жиндирго ц1об рах1маталдалъун. Ахираталдаги нилъер мунагьаздаса т1аса лъугьун, нилъер заг1иплъи, мискинлъи, жинде бугеб х1ажалъи бихьун, Алжаналъул агьлулъун гьареги.

Нилъер г1амалаздалъун алжан босизе к1оларо, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1обалдалъун гьес кьун гурони. Нилъер г1амалаздалъун жужах1алде инеги ц1акъ г1агарал руго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1ун, жинца гьеб ц1аялдаса рик1к1ад гьарун гурони.

**24. Мун валагье, Мух1аммад** ﷺ**, кин гьал г1адамаз жидерго напсал гьереси гьарулел ругел:**

انظُرْ كَيْفَ كَذَبُوا عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٢٤﴾

жидеца дунялалда ширк гьабун, ахираталда Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва халкъалда цере ч1ун ширк гьабич1о абун гьересияб гьа гьедун. **Гьездаса рик1к1алъана ва гьезда батич1о жидеца дунялалда Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **ширк гьабун рук1арал хъанчалниги,** сураталниги, г1адамалниги ва цоги щиб жо бугониги.

**25. Гьел мушриказдаса руго цо-цо г1адамал дуца ц1алулеб Къуръаналда г1енеккулел.**

وَمِنْهُم مَّن يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ وَجَعَلْنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ أَكِنَّةً أَن يَفْقَهُوهُ وَفِي آذَانِهِمْ وَقْرًا وَإِن يَرَوْا كُلَّ آيَةٍ لَّا يُؤْمِنُوا بِهَا حَتَّىٰ إِذَا جَاءُوكَ يُجَادِلُونَكَ يَقُولُ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٢٥﴾

Гьеб Къуръаналдаги дудаги иман лъун гуро гьел г1енеккулел ругел. гьезие бокьун буго Къуръаналдаги г1енеккун гьелда г1айиб ч1валел х1иллаби ургъизе. **Дица гьел г1адамазул рак1азда т1ад т1алъел лъуна, гьеб Къуръан бич1ч1унареллъун рук1ине, гьезул г1ундузда жаниб жоги къазабуна, гьезда Къуръан раг1ич1ого бук1ине. Жидеда киг1ан к1удиял муг1жизатал рихьаниги гьезда**

**жидеца иман лъоларо, жидер х1алхъублъиялъул ва куфруялъул гучалъ. Цинги гьел духъе рач1идалго къацандулелги руго ва капурал г1адамаз абулеб буго гьаб дуца ц1алулеб Къуръан цересел умматазул г1адамаз ургъарал гьерсал ругин абун.**

**26. Гьал мушрикал руго жидеца Къуръаналде г1енеккиялдаса г1адамал нахъч1валел ва гьелда г1амал гьабиялдаса гьел рик1к1адги гьарулел.** وَهُمۡ يَنۡهَوۡنَ عَنۡهُ وَيَنۡـَٔوۡنَ عَنۡهُۖ وَإِن يُهۡلِكُونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمۡ وَمَا يَشۡعُرُونَ ﴿٢٦﴾
**Амма гьаз жидерго напсал руго гьалаг гьарулел, Аллагьасул гучаб г1азабалъе гьел х1акъ гьарун ва жидеда гьаб иш гьадин бук1инги лъалеб гьеч1о.**

Гьез к1иго къабих1аб пиша гьабулеб буго: жидецаги мунпаг1ат босулеб гьеч1о аварагасдаса ва Аллагьасул калам Къуръаналдаса, ва цогидал г1адамалги нахъч1валел руго гьез мунпаг1ат босиялдаса. Гьаб г1амалалъул балагь ва г1азаб ахираталда гьездаго т1адги буссине буго.

**27. Дуда гьал мушрикал рихьизе ругебани жал жужах1алда аск1ор рачун гьенире жанире реххизе г1агарлъун ругеб г1ужалъ,** дуда ц1акъ зах1матаб ва х1инкъараб х1ал бихьилаан. وَلَوۡ تَرَىٰٓ إِذۡ وُقِفُواْ عَلَى ٱلنَّارِ فَقَالُواْ يَٰلَيۡتَنَا نُرَدُّ وَلَا نُكَذِّبَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّنَا وَنَكُونَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٢٧﴾
**Жидеца гьеб х1алалъулъ Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1акъ мук1урлъун, х1елун, г1одорег1анлъун абизе буго: «Аллагьас ниж дунялалде руссинарулеб аниц. Нижеца нижер Бет1ергьанасде инкар кквезе бук1инч1о ва гьесул аятал гьереси гьаризеги рук1инч1о. Ниж Аллагьасде иман лъураздасаги рук1инаан» – абун.** Гьаб хьул лъейи буго жиндаса щибго мунпаг1ат гьеч1еб.

**28. Гьезул гьадин хьул лъолеб буго дунялалда рахчун рук1арал жидер киналго къабих1ал пишаби загьирлъидал. Жал гьанжеги дунялалде риччани, добго ширк гьабизе буго ва гьаб хабарги жидеца рицунел гьерсал руго:** بَلۡ بَدَا لَهُم مَّا كَانُواْ يُخۡفُونَ مِن قَبۡلُۖ وَلَوۡ رُدُّواْ لَعَادُواْ لِمَا نُهُواْ عَنۡهُ وَإِنَّهُمۡ لَكَٰذِبُونَ ﴿٢٨﴾
ай гьел дунялалде т1адруссине гьарунгут1и мух1канаб, х1акъаб жо буго. Руссинаруниги гьез куфру-ширк гьабизе бук1инги гьединго х1акъаб жо буго.

**29. Дунялалда ч1аго ругеб мехалъ жидеца абулеб бук1ана: «Нижее цоги ч1аголъи гьеч1о гьаб дунялалъул ч1аголъи гуреб.** وَقَالُوٓاْ إِنۡ هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا ٱلدُّنۡيَا وَمَا نَحۡنُ بِمَبۡعُوثِينَ ﴿٢٩﴾

**Ахиратги гьеч1о, алжан-жужах1ги гьеч1о ва ниж хун хадур т1адеги рахъинаризе гьеч1о» – абун.**

وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ وُقِفُواْ عَلَىٰ رَبِّهِمْۚ قَالَ أَلَيْسَ هَٰذَا
بِٱلْحَقِّۚ قَالُواْ بَلَىٰ وَرَبِّنَاۚ قَالَ فَذُوقُواْ ٱلْعَذَابَ
بِمَا كُنتُمْ تَكْفُرُونَ ۝٣٠

**30. Жегиги дуда гьел мушрикал рихьизе рук1аралани, Мух1аммад ﷺ, гьел Бет1ергьан Аллагьасда цере ч1езарун ругеб мехалъ,** дуда ц1акъ г1ажаибаб сурат бихьилаан: Киналго ханзабазулги ханасда цере х1исаб-мизаналъе ч1езарураб мехалъ ц1акъ х1инкъараб ва г1одорег1анлъараб х1ал бук1инарищха.

Дунялалъул ханасда цеве к1удияб мунагь гьабурав чи ч1езавидал бук1унеб х1ал нилъеда лъалелъул, гьал мушриказул х1ал гьелдасан ц1акъго зах1матаб бук1уна. **Цинги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан гьезда абула: «Гьаб жо х1акъаб жо гьеч1ищха.** Дунялалда нужеца гьаб ахираталда инкар ккун бук1ана. Гьанжеги ккеха инкар нужер х1ужа батани» – абун.

**Цинги мушриказ абула: «Х1акъаб буго нижер Бет1ергьан гьаб амру ва ниж гьелда мук1урал руго» – абун. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан гьезда абула: «Гьанже нужеца г1азаб ч1амеха, дунялалда Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккун бук1иналъе жазаълъун» – абун**.

قَدْ خَسِرَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِلِقَآءِ ٱللَّهِۖ حَتَّىٰٓ إِذَا
جَآءَتْهُمُ ٱلسَّاعَةُ بَغْتَةً قَالُواْ يَٰحَسْرَتَنَا عَلَىٰ مَا
فَرَّطْنَا فِيهَا وَهُمْ يَحْمِلُونَ أَوْزَارَهُمْ عَلَىٰ
ظُهُورِهِمْۚ أَلَا سَآءَ مَا يَزِرُونَ ۝٣١

31. Ахираталде иман лъеч1ого, **Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данд ч1вазе рук1иналда инкар ккун рук1арал г1адамал ахираталъе ц1акъ ч1орого хут1ана.**

Гьезда рак1алдаго гьеч1ого хвел т1ад щведалго ва гьединго ахираталда т1аде рахъине гьарун, мунагьазул гьиразда гъоркь г1ет1улъ т1ерхьун г1арасат майданалда ч1араб мехалъ. Гьез **абула: «Огь нижее бугеб къварилъи ва нижер пащманлъи дунялалъул рукъалда гьаб къо бач1иналда божич1ого, гьелъие г1амал гьабич1ого ч1еялда» - абун. Гьедин мугъзада мунагьазул гьиралги раччун, щибжодай нижеда бихьила абун рук1уна гьел капурал г1адамал. Ц1акъ квешаб жо буго гьез мугъалда баччараб** ва гьазул руссунеб бак1ги ц1акъ квешаб бук1уна.

وَمَا ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَآ إِلَّا لَعِبٌ وَلَهْوٌۖ وَلَلدَّارُ
ٱلْءَاخِرَةُ خَيْرٌ لِّلَّذِينَ يَتَّقُونَۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝٣٢

**32. Гьаб дунялги ва гьаниб бугеб ч1аголъиги гьеч1о жиб хехго т1асан унеб жиндаса мунпаг1ат гьеч1еб,**

**ч1обогояб, г1ададисеб жо гурони. Аллагьасда ﷻ иман лъурал, гьесдаса х1инкъарал г1адамазе ахираталъул рукъ буго жиб лъик1аб ва даимаб. Гьаб амру гьадин бук1ин кин бич1ч1унареб нужеда.**

Ва ахираталда хьул лъун, Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун иман кин гьабулареб.

قَدْ نَعْلَمُ إِنَّهُۥ لَيَحْزُنُكَ ٱلَّذِى يَقُولُونَ ۖ فَإِنَّهُمْ
لَا يُكَذِّبُونَكَ وَلَٰكِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ
يَجْحَدُونَ ٣٣

**33. Дида лъала, Мух1аммад ﷺ, гьел мушриказ бицунеб жоялъ мун пащман гьавулеблъи.**

Жидеца хирияв аварагасда абулеб бук1ана гьев сах1ир вугин, кагьин вугин, шаг1ир вугин абун. **Х1акълъунго гьел мушриказ жидер рак1аздалъун мун гьереси гьавуларо,** гьезда мун рит1ухъав, х1акъав авараг вук1ин лъала. **Кинниги гьезул х1алхъублъиялъ, залимзабилъун рук1иналъ, Аллагьасул ﷻ муг1жизатазда инкар кколел руго.**

Сах1ир: жинца сих1ро гьабулев чи. Кагьин: жинда балъгояб жо лъалаян абун, т1ехьалда валагьун гьереси бицулев чи. Шаг1ир: жинца шиг1ро гьабулев чи.

Аллагь жинда разилъаяв Ибнуг1аббасица бицараб х1адисалда буго: «Къурайшияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда лъураб ц1ар бук1ана «амин» абун, жинда божарав, жиндир хиянат гьеч1ев абураб маг1наялда. Жидеда лъалаан аварагас щибго гьереси бицунареблъи, гьедин бугониги гьез аварагасда инкар кколеб бук1ана. Абужагьалица абулеб бук1ана: нижеца мун гьереси гьавуларо, Мух1аммад, мун нижеда аск1ов ц1акъ бит1араб жо бицуневлъун вуго. нижеца гьереси гьабулеб буго мун жиндалъун вач1араб жо» – абун.

وَلَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ فَصَبَرُوا۟ عَلَىٰ
مَا كُذِّبُوا۟ وَأُوذُوا۟ حَتَّىٰٓ أَتَىٰهُمْ نَصْرُنَا ۚ وَلَا
مُبَدِّلَ لِكَلِمَٰتِ ٱللَّهِ ۚ وَلَقَدْ جَآءَكَ مِن نَّبَإِى۟
ٱلْمُرْسَلِينَ ٣٤

**34. Дуда цере рит1арал аварагзабиги гьереси гьаруна, Мух1аммад ﷺ, жидер къавмаз. Гьел аварагзабаз сабру гьабуна гьереси гьариялда ва гьезие гьабураб къварильиялда, жидехъе дир квербакъи бач1инег1ан. Т1адег1анав Аллагьасул ﷻ къот1иялъе хиси бук1унаро ва жинца аварагзабазе ва гьезда нахърилъарал муъминзабазе квербакъизе бугоян гьабураб къот1и цересел аварагзабазе т1убана, дуеги т1убазе буго. Духъе цересел аварагзабазул хабарги бач1ана, Мух1аммад ﷺ!**

Дица дуда вах1ю гьабун бицана, кин гьезие къварилъи гьабураб, кин

гьереси гьарурал ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее квер кин бакъарабги. Дуеги Аллагьас квербакъизе буго, мун пацщманлъуге ва дуца сабру гьабе.

وَإِن كَانَ كَبُرَ عَلَيْكَ إِعْرَاضُهُمْ فَإِنِ ٱسْتَطَعْتَ
أَن تَبْتَغِيَ نَفَقًا فِي ٱلْأَرْضِ أَوْ سُلَّمًا فِي ٱلسَّمَآءِ
فَتَأْتِيَهُم بِـَٔايَةٍ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ لَجَمَعَهُمْ عَلَى
ٱلْهُدَىٰ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ٣٥

**35. Дуда ц1акъ зах1матаб ва к1удияб жолъун бихьун батани маккаялъул мушрикал дур ах1иялдаса руссун ч1ей ва жидеца иман лъунгут1и,** гьеб иман лъезе гьаби дур иш гьеч1о ва дуда гьезие гьабизе к1олеб щибго жоги гьеч1о, дуда малъухъин иманалде ах1и гуреб. Гьаб амру гьадин бук1иналда мун мук1ур гьавулеб рагl1и буго: **Дуца ракьулъе карат1 гьабе, яги малиги босун зодове ваха ва дуца гьел мушриказ т1алаб гьабулеб муг1жизат бач1инабе, дуда гьеб к1олеб батани.**

Дуда гьеб жо гьабизе к1оларо. **Т1адег1анав Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьун бук1арабани кинабго уммат бит1араб исламияб диналда т1обит1илаан.** Киниги Аллагьас гьел г1адамал тун руго жидерго ихтиярлда, жидее бокьараб нух т1аса бищизе. **Мун жидеда жо лъаларел г1адамаздаса вук1унге Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, ва дуда лъай Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ азалияб лъаялдалъун ва жинда аск1об бугеб х1икматалдалъун хьвадизабулеб бук1ин гьаб кинабго махлукъат.

إِنَّمَا يَسْتَجِيبُ ٱلَّذِينَ يَسْمَعُونَ وَٱلْمَوْتَىٰ
يَبْعَثُهُمُ ٱللَّهُ ثُمَّ إِلَيْهِ يُرْجَعُونَ ٣٦

**36. Иман лъеялде ах1араб мехалъ гьеб ах1иялъе жаваб кьола жидеда бицараб жо бит1ун раг1улел ва бич1ч1улел г1адамаз. Дунялалда ругеб мехалъго хварал чаг1азда релъарал капурал г1адамал Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **къиямасеб къоялъ т1аде рахъинарула, цинги киналго бет1ергьан Аллагьасде руссуна х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе.**

وَقَالُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ ءَايَةٌ مِّن رَّبِّهِۦ قُلْ إِنَّ
ٱللَّهَ قَادِرٌ عَلَىٰٓ أَن يُنَزِّلَ ءَايَةً وَلَٰكِنَّ
أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ٣٧

**37. Маккаялъул мушриказ абулеб буго: «Мух1аммадида** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **Аллагьас цо муг1жизат рещт1инабулебани, нижеда гьав рит1ухъав авараг вук1ин лъазе:** Мусае عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ г1анса бук1араб г1адин, Ссалих1ие عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ варани бук1араб г1адин, Г1иса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасе маидат рещт1инабураб г1адин.

Гьаб муг1жизат жидеца т1алаб гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе гьаб Къуръан рещт1инабулеб бук1ун хадубги, жидеда абураб: «Гьаб Къуръаналъул цо сураталда релълъараб жо гьабе» – абун ва жидеда гьеб гьабизе к1веч1еб. Жидер гьеб т1алаб бук1ана

х1алхъублъи ва г1амал к1одолъи гьабун гьабулеб. Кинаб муг1жизат аварагасе бугониги гьелда иман лъолел рук1инч1о гьал Аллагьас ﷻ куфру-ширкалда рук1ине рижарал къурайшиял.

**Дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ, Аллагь жиндир х1ал к1олев вуго кинаб бокьаниги муг1жизат рещт1инабизе,** амма гьел мушриказул г1емерисел жидеца иман лъоларел руго. **Гьел мушриказул г1емерисел жидеда лъаларел руго** жидеца т1алаб гьабун муг1жизат рещт1инабун хадуб гьез иман лъеч1еб мехалъ, гьел гьалаг гьарулеб г1адат бук1ин Бет1ергьан Аллагьасул ﷻ.

وَمَا مِن دَآبَّةٖ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا طَٰٓئِرٖ يَطِيرُ بِجَنَاحَيۡهِ إِلَّآ أُمَمٌ أَمۡثَالُكُمۚ مَّا فَرَّطۡنَا فِي ٱلۡكِتَٰبِ مِن شَيۡءٖۚ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّهِمۡ يُحۡشَرُونَ ٣٨

**38. Ракьалда т1ад цониги х1айван гьеч1о, яги цониги боржунеб жо гьеч1о жиб кваркьиялдалъун боржунеб, нужеда релъарал жамаг1атал ва умматал рук1ун гурони. Дица лавх1ул-мах1фузалда кинабго жо хъван буго** ва щибго жо гьоркьоб теч1ого гьелъие ч1аголъи гьабизе къвариг1араб жоги бижун буго. **Ахираталда киналго т1аде рахъинарун Аллагьасде ﷻ руссинаризеги руго.**

Х1айваназ цоцаздаса къисас босун гьел ц1идасан ракьалде руссинарула.

Ибнух1абибица абуна: «Гьаб аяталда жаниб Бет1ергьан Аллагьас инсан кант1изавулев вуго г1адамазул уммат бугеб г1адин, Бет1ергьанас рух1ч1аголъабазулги, х1айваназулги, х1анч1азулги, ралъдал х1айваназулги, г1алхул х1айваназулги ва цогиги г1емерал умматал рижун рук1иналда. Гьел умматалги Аллагьас ﷻ гьезул ч1аголъиялъул тадбир гьабун, гьезие ризкъи х1адур гьабун ва жидер ц1акъ г1ажаибал т1абиг1атал, г1амал-хасиятал рижун, ракьалда т1ад ва лъималда гьоркьор г1умру гьабулеллъун гьарун руго.

Гьаб махлукъалъул халикъ вук1ин лъазе бокьарав чиясе гьел рух1ч1аголъабазул пикру гьабун, гьезул рагъа-рачариялде балагьун щибго щаклъи гьеч1еб х1ужа-далил щола гьаб г1ажаибаб х1алалъ жо бижин ц1акъго къудрат, г1елму, тадбир камилав Халикъасул иш бук1иналъе. Дунялалда т1ад ц1акъ г1емерал г1алимзаби руго рух1-ч1аголъиялъул ц1ех-рех гьабулел, гьезул ч1аголъиялъул х1исаб гьабун г1елмиял х1алт1аби хъвалел. Гьел г1алимзаби х1айран гьарулел руго ц1акъго гьит1инаб, заг1ипаб рух1ч1аголъиялъулъ ругел г1ажаибал х1икматал рихьараб мехалъ. Киг1анго ях1 бахъаниги, жидер г1елму нахъ г1унт1улеб гьеч1о щиб жо бугеб абун лъазе гьел г1исинал х1айванал г1акъилав инсанасдасаги тадбиралда х1алт1изе ва цадахъ рекъон г1умру гьабизе т1амулеб.

Цохlо наязул хlалтlи гьабиялде балагьараб мехалъ гlажаиблъун хутlула гьезул махщелалъул хlисаб гьабун. Гьел наяз хурдул, тlегьаздасан бакlарун хlеги гьоцlоги гьаби гуребги, жидер найидул цо тlалаялда жаниб тlубараб пачалихъалъул гlадаб тадбирал гlуцlараб чlаголъи гьаби букlуна. Цо бакlалда гlодоб лъун, цоцада цун нусго тlала бугониги щибаб тlалаялдаса къватlибе араб на гьебго тlалаялде жанибе бачlуна. Нагагь нух къосун, яги цlогь гьабизе цоги тlалаялъул на бачlунеб бугони, гьеб нахъ чlвазе тарал рагьдателалги рукlуна. Инсан хадув гъолареб хlалалъ наязда гьаб хьвади малъарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гlелму бергьарав хан вукlин дагьабниги пикру гьабулев чиясда лъазе тlадаб жо гьечlищ?

Цоги мун валагьани цlунцlарабазул жамагlаталда ва гьезул гlадлу-низамалъул камиллъиялда, дуда мун цlакъ гlажизав ва загlипавлъун вихьила, я гьав инсан. Гьал гlисинал цlунцlраби бищунго жидер ханлъиялъул ва пачалихъалъул тадбир ва гlадлу битlараб уммат букlин бицунеб буго гlелмуялъ. Жидеца жакъасеб къоялъулги метер букlунеб жоялъулги тадбир гьабулел, жидеца цо гlамал гьабизе байбихьараб мехалъ гьеб гlамал тlубан гурони жал чlоларел.

Цо их бачlараб мехалъ, яги цоги къварилъи бачlун жидер росо биххизе гьабураб мехалъ гьел цlунцlраби цо-цо ккун рахъ-рахъалде лъутун унаро. Нужеда бихьун батизе бегьила жидер росо биххун лъималъ жал рачун унеб мехалъ гьел цlунцlраби, цоялда тlад цояб рекlун, аза-азар рухl цо гlомо гьабун бачун унеб. Цинги цо бакlалда жал лъималдаса ратlалъун ракъдаллъиялде ккараб мехалъ, цlидасан жидее росо базе байбихьулел.

Инсанас жинда тlаде тущман вачlараб мехалъ жиндир напсалдалъун, васаздалъун ва хъизан боцlиялдалъун гьесда данде рагъ балеб гlадин ва чlаго хутlарал гlадамал цlияб яшав гьабизе ургъулел гlадин, гьал гlисинал цlунцlрабазги жидеда тlаде жидер хlалалдаса бергьараб балагь бачlараб мехалъ, кинабго жамагlат цо гlомоялде буссунеб буго ва гьеб гlомоялъул чlаго хутlараз цlияб яшав гlуцlулеб буго.

Тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зобал-ракьазда жаниб бугеб жо инсанасе квегъун буго ва гьесие мунпагlаталъе бижун буго. Гьал гlисинал хlайваназул мунпагlат буго гьазул камилаб тадбир хал гьабун инсанас жиндир чlаголъи гlуцlизе гlелму боси. Гьал гlисинал цlунцlрабиги, гlисинал набиги жидеца жамагlатал гьарун, цоцазе квербакъун яшав гьабулел рихьараб мехалъ инсанасда лъазе ккола жив цохlого жиндир напсалъул кlвар гьабун хьвадизе бегьулареблъи ва жиндасан жамагlаталъе кинаб рахъалъан бугониги мунпагlат букlунеб хlалалъ яшав гьабулев вукlине ккей. Тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсан ракьалда тlад халипалъун

гьавун вуго жинца гьеб ракь лъик1лъиялдалъун г1уц1изе.
Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ Вац1ц1адав ва Т1адег1анав вуго жинца гьаб кинабго махлукъалъул тадбир гьабулев, гьелъие ризкъи кьолев.

وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا صُمٌّ وَبُكْمٌ فِي الظُّلُمَاتِ ۗ مَن يَشَإِ اللَّهُ يُضْلِلْهُ وَمَن يَشَأْ يَجْعَلْهُ عَلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٣٩﴾

**39. Дир муг1жизатал ва г1аламатал жидеца гьереси гьарулел, гьездасан г1акълу босуларел г1адамал щибго жо жидеда раг1уларел, г1инкъал руго. Х1акъаб жо абизелъун жидеда мац1 бицинего лъаларелги руго, гьелдаги т1аде, жал куфруялъул ва ширкалъул бец1лъукьги руго.**
Гьаб х1ал жиндир бугев инсан бит1араб нухда кин хьвадилев? Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1акъ камилаб мисал бачана Къуръаналда ва аварагасда инкар ккун ч1арал маккаялъул мушриказул жал рит1ун ккеялдаса хьул къот1араб къосиналъе. Жидеда щибго жо раг1улебги гьеч1они, мац1 бицинеги лъалеб гьеч1они, бец1лъукьги ругони, гьал г1адамал бит1араб нухда кин хьвадилел ва жидеда гьеб нух кин батилеб. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарав чи къосинавула,** жинца т1аса бищараб къосиналъул нухда тола ва гьелда хьвадизавула. **Жиндие бокьарав чи исламияб диналъул бит1араб нухда гьавула.** Ва гьеб нухда хьвадизе гьесие тавпикъги кьола.

قُلْ أَرَأَيْتَكُمْ إِنْ أَتَاكُمْ عَذَابُ اللَّهِ أَوْ أَتَتْكُمُ السَّاعَةُ أَغَيْرَ اللَّهِ تَدْعُونَ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٤٠﴾

**40. Дуца гьал мушриказда абе, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, нужеца пикру гьабе ва дида бице: цересел умматазде бач1араб г1адаб г1азаб нужеде бач1ани, яги рак1алдаго гьеч1ого, тохлъукьего къиямасеб къо ч1ей т1аде щвани,** гьелъул загьираб г1аламат бихьун: бакъ т1ерхьудасан бакъ бакки г1адаб. Гьеб ахираб г1аламат буго къиямасеб къо ц1акъго г1агарлъиялде т1орит1ел гьабулеб. Бакъ т1ерхьудасан бакъ баккун хадуб капурал г1адамазул тавбо къабул гьабуларо ва гьезул иман лъейги г1ададисеб жо бук1уна. **Гьаб х1алалъулъ нуж Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги чиясда ах1изе ругищха, нуж бит1араб жо бицунел ругони:** нужее хъанчаз ва цогидал алагьаллъун ккурал жалаз нужее кумек гьабизе буго абураб раг1иялъулъ.

بَلْ إِيَّاهُ تَدْعُونَ فَيَكْشِفُ مَا تَدْعُونَ إِلَيْهِ إِن شَاءَ وَتَنسَوْنَ مَا تُشْرِكُونَ ﴿٤١﴾

**41. Цоги щибго жоялда ах1и базе гьеч1о нужеца ва цох1о Аллагьасда гьаризе буго нужедаса балагь т1аса босе абун. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани жинда гьарарав**

**чиясул гьари къабул гьабун гьеб балагь тlаса босула. Гьеб балагь тlаде бачlараб къоялъ нужеда алагьзабиги кlочон хутlула.** Нужер реклел чlейи бугелъул къварилъи-балагь тlаса босизе кlолев цохlо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуклиналда,

**42. Дица цересел умматаздаги аварагзаби ритlана Мухlаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**.**

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰٓ أُمَمٍ مِّن قَبْلِكَ فَأَخَذْنَٰهُم بِٱلْبَأْسَآءِ وَٱلضَّرَّآءِ لَعَلَّهُمْ يَتَضَرَّعُونَ ﴿٤٢﴾

Гьаб дур къавмалде мун витlилелде церехун рукlарал, ва гьел умматаз жидер аварагзабиги гьереси гьаруна, гьаб къавмалъ мун гьереси гьавулев вугев гlадинго. **Цинги дица гьел умматазе гlакъуба-гlазаб гьабуна ракъи-къеч тlаде биччан ва унта-щокълъиялъ черх загlип гьабун, гьел зигардизарун.** Гьаб гlакъуба- къварилъи бачlараб мехалъгlаги **гьел Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **хlелизе бокьун** ва гьезул иман камиллъун, ширк тун цохlо Аллагьасе гlибадат гьабиялде рачlине бокьун.

**43. Гьел умматал жидеде кlудиял къварилъаби рачlараб мехалъгlаги Аллагьасе хlелун рукlаралани, жал гьалаг гьарилароан ва абадияб гlазабалъе хlакълъиларoан. Гьелъул гlаксалда, жидер ракlал жегиги согlал, гванзал лъугьана ва щайтlаналъ гьездаа тlад ханлъи гьабун, жидерго гlамал берцин бихьизабун хьвадизаруна.**

فَلَوْلَآ إِذْ جَآءَهُم بَأْسُنَا تَضَرَّعُوا۟ وَلَٰكِن قَسَتْ قُلُوبُهُمْ وَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٤٣﴾

**44. Жидее гьабураб вагlзаги босичlеб мехалъ, аварагзаби** عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ **ва Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **тlахьалги махсароде гьарураб мехалъ,** Аллагь гьездаса вуссана, гьел жидерго къосараб нухалда тана. **Цинги дица гьезие киналниги дунялалъул нигlматазул рагьаби рагьана.** Ва жидее бокьанщинаб лазат, рахlат ва шагьват босизе риччана.

فَلَمَّا نَسُوا۟ مَا ذُكِّرُوا۟ بِهِۦ فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ أَبْوَٰبَ كُلِّ شَىْءٍ حَتَّىٰٓ إِذَا فَرِحُوا۟ بِمَآ أُوتُوٓا۟ أَخَذْنَٰهُم بَغْتَةً فَإِذَا هُم مُّبْلِسُونَ ﴿٤٤﴾

Тlубанго Аллагь кlочон, жал лъица рижарал ва щиб жоялъе рижарал лъаларел лъугьун, кинабго дунялги жидеда кодоб бугин ва жидее бокьанщинаб жо гьабизе ниж гьукъизе кlолев чиги гьечlин абун чlухlун хьвадизе тана. **Жидер киналго мурадал тlуран, жидее кьураб бечелъиялдасан рохун гьел гlадамал рукlаго, дица гьезда ракlалда гьечlеб балагь тlаде биччан гьел гьалаг гьаруна ва кинабго жоялдаса хьул къотlараллъун лъугьана:** гьезухъан

дунялги борчlана, ахират жидее гьечlеблъиги якъинлъана.

**45. Аллагьасде гlассилъараб, зулмуяб къавмалъул ахир къотlизе гьабуна,** кьолболъанго гьел тlагlизаруна. فَقُطِعَ دَابِرُ ٱلْقَوْمِ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ ۚ وَٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٤٥﴾

**Кинабго рецц ва щукру тlадегlанав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго, жинца кинабго гlалам хьихьулев ва гьелъул тадбир гьабулев.**

Жинца хlакъаб жо загьир гьабун аварагзабазе квербакъи гьабулев ва гьезда данде чlараб капураб къавм гьалаг гьабулев.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ахlмадица Гlукъбат ибну Гlамиридаса رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ бицараб хlадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Тlадегlанав Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *абуна: цо чиясе гlемераб нигlмат кьолеб нужеда бихьараб мехалъ ва гьев чи дие гlасилъаби гьарулевги вихьараб мехалъ, нужеда лъай гьев чи Аллагьас жиндир гlасилъиялъулъ халат гьавулев вукlин»* – абун.

Ай гьев чи жинда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъарав вуго ва жиндир мунагь ва гlасилъи гlемерлъизе тарав вуго, гьелда рекъон ахираталда гlазаб гlемер гьабизе.

Цоги хlадис буго: *«Аллагьасе цо къавм ракьалда халат хутlи бокьараб мехалъ, жинца гьезие дунялалъул боцlи дагь кьола ва чlухlи гьечlолъи, гlадамазда гурхlел, диналъулъ рацlцlалъи кьола. Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *цо къавм ракьалдаса тlагlинабизе бокьараб мехалъ, гьезие бечелъи кьола ва гьез жидеда гьоркьоб хиянатги тlибитlизабула»*-абун. Хlадис имам Ахlмадица бицана.

Цоги хабаралъулъ буго: гlакъилав чиясда лъазе тlадаб буго жинда тlад боцlи чвахун бачlунеб заман гьелда хадуб цун рекlелбакъвай букlиналъул гlаламат букlин. Цониги къавм Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьабичlо жидер чlухlи, бечелъи, гlамал кlодолъи цlикlкlун хадуб гурони. Нуж Аллагьасул макруялдалъун гуккизе рукlунге! Гьес жидее макру гьабулел, жал гуккулел гlадамал пасикъаб къавм букlуна.

Аллагьасда иман лъурал, авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ритlухъ гьавурал ва амма жидер иман загlипал муъминзаби щайтlаналъ гьалаг гьарулеб ва махсароде кколеб бакl буго цо гlасияв чи бечелъун, чlухlун хьвадулев вихьараб мехалъ гьев муъминчиясда ракlалде ккезабун гьадав чи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дидаса гlемер вокьулев вуго Гьадин гьечlебани дов чи кинха Аллагьас рахlаталда, лазаталда хьихьун вукlунев, дун мискинго, пакъирго вукlунев абун.

Гьаб цlакъ цlодорлъи гьабизе кколеб бакl буго. Гьаб щайтlаналъул

васвасги, иманалъул заг1иплъиги т1аса инабулеб сабаб буго инсанасда лъай гьаб дунял Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аск1об щибго жиндир къадру гьеч1еб жо бук1ин. Аллагьас дунялалъул ризкъи ва бечелъи, ханлъи кьола бищунго жинда данде вахъарав, жив Аллагь вуго абун к1алъарав пирг1авн г1адал г1адамазеги. Дунялалъул бечелъи, яги мискинлъи хал гьабун бук1унаро Аллагь разилъи, яги гьесул ццим бахъи. Гьаб к1иго жо буго инсанасул г1амалалда бан бук1унеб.

Кинниги г1емерисеб г1адат буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вокьарав чи дунялалда заг1ипго, мискинго, г1адамаз сан гьавуларого вук1унеб. Гьелъие г1иллаги буго гьаб дунял абадияб рукъ гьеч1еблъи ва гьалда рак1 гъурав чиги щайт1аналъ гуккарав вук1ин. Дунял жиндие кьурав чи ахират гьеч1ев вук1ин буго г1емерисеб г1адат.

Ва амма дунялги ахиратги к1иябго жидее кьурал муъминзабиги рук1уна. Гьединал аварагзабиги рук1ана: Сулейман, Давуд ва Зулкъарнай. Аллагьасул ццим бахъун дунял жидее кьуралги ва гьев жидеда рази вук1ун кьуралги дагьабниги г1акълу, пикру бугел г1адамазда рат1а рахъизе лъала.

Жиндир гьава-напсалда нахъвилълъарав, х1арамаб, щубгьаяб жоялъул к1вар гьабуларев, паризаяб закат ва суннатаб садакъа жинца кьоларев, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ парзалъул ва аварагсул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ суннаталъул к1вар гьабуларев бечедав чи вихьараб мехалъ мун гьесдаса ва гьесул бечелъиялдаса рик1к1ад ч1а! Гьеб жоялъул баракат гьеч1олъи дуда бихьила ва гьесда балагь бач1араб къоялъ дудаги цо ц1ц1ал щвезабила.

Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъарав мутаг1иласе бечедав чияс цо сайгъат кьолеб мехалъ, гьев мутаг1илас ц1ехон буго щив чидай дов вуго абун. Гьев чи ц1акъ бечедав, лъик1ав чи вугин, садакъа-хайрат гьабулев чи вугин жинда бициндал мутаг1илас гьеб сайгъат нахъч1ван буго ва гьес абун буго: «Г1арасат майданалда гьев бечедав чиясул боц1ул х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ х1исаб-мизан т1убазег1ан гьесда аск1ов ч1езе бокьиларо дие» – абун. Ай гьев мутаг1иласе кьураб сайгъат «кьуна»-абун дов чияс абидал, «кьунищ дуе гьеб сайгъат» – абун гьасда гьикъизе бук1ин х1акъаб жо бугелъул, гьедин г1емер боц1иги бугони г1емер нуг1залги ругони, х1исаб-мизан халалъула ва гьеб жинда х1ехьезе к1оларо абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул.

Аллагьасдаса х1инкъун х1арамаб жо толев, закат-сах1, садакъа кьолев, муъминзабигун цадахъ жамаг1аталда как балев бечедав чи вихьараб мехалъ гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъун жиндие бечелъи кьурав вуго абун х1укму гьабизе бегьула ва гьесул лъик1аб г1амал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул

гьабулеб бук1иналде хьул лъезеги бегьула.

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَخَذَ ٱللَّهُ سَمْعَكُمْ وَأَبْصَٰرَكُمْ
وَخَتَمَ عَلَىٰ قُلُوبِكُم مَّنْ إِلَٰهٌ غَيْرُ ٱللَّهِ يَأْتِيكُم
بِهِ ٱنظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ ٱلْءَايَٰتِ ثُمَّ هُمْ
يَصْدِفُونَ ٤٦

**46. Дуца къурайшиязул мушриказда абе, Мух1аммад ﷺ, нужеца пикру гьабе: Аллагьас нуж раг1улареллъун гьаруни ва нужер рак1азда т1ад мугьруги ч1ван щибго жо бич1ч1улареллъунги гьаруни, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги щивго чи вугищ гьаб кинабго жо нужее т1ад буссинабизе к1олев?** Щивго чи гьеч1о. **Мун валагьеха, Мух1аммад ﷺ, кин дица гьеб капураб къавмалъе х1ужа-далил бачун дун жидер Бет1ергьан вук1ин ва жидеца г1ибадат гьабизе х1акъав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин бицунеб бугеб. Цингиги гьел х1акъаб жоялдаса руссун ч1олел руго.**

قُلْ أَرَءَيْتَكُمْ إِنْ أَتَىٰكُمْ عَذَابُ ٱللَّهِ بَغْتَةً أَوْ
جَهْرَةً هَلْ يُهْلَكُ إِلَّا ٱلْقَوْمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٤٧

**47. Цогиги дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ: нужеца пикру кин гьабулареб нужеда т1аде тохлъукьего Аллагьасул г1азаб бач1ани, яги балагьун нужгун, нужеда бач1унеблъи лъан бач1ани, гьеб г1азабалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъараб, залимаб къавм гурони гьалаг гьаризе ругодай абун.**
Гьеб г1асияб къавмги нуж руго ва гьеб г1азабги нужеде щвезе буго.

وَمَا نُرْسِلُ ٱلْمُرْسَلِينَ إِلَّا مُبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ
فَمَنْ ءَامَنَ وَأَصْلَحَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ
يَحْزَنُونَ ٤٨

**48. Дица умматазухъе аварагзаби рит1уларо, гьезие алжаналдалъун рохел бицунелллъун ва жужах1алъул г1азабалдалъун х1инкъи кьолелллъунги гурони. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал, аварагасда ﷺ нахърилълъун лъик1аб г1амалги гьабурал муъминзабазе щибго х1инкъи гьеч1о ахират алде щведал ва гьел пащманлъизе гьеч1о дунялалда жидеца гьабураб г1амалалда.**
Аллагьасул алжанал ва гьенир ругел ниг1матал рихьидал, ц1акъ Аллагьасдаса разилъун рук1уна ва дунялалда гьабураб лъик1аб г1амал жегиги г1емер гьабун бук1араб анищ абунги рук1уна.

وَٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا يَمَسُّهُمُ ٱلْعَذَابُ بِمَا
كَانُوا۟ يَفْسُقُونَ ٤٩

**49. Жидеца дир Къуръанги ва муг1жизаталги гьереси гьарурал г1адамазда жужах1алъул г1азаб щвезе буго, дида ва дир аварагзабазда инкар**

**ккун, пасикъаб пиша гьабун гьел хьвадун рукlиналъе гlоло.**

قُل لَّآ أَقُولُ لَكُمْ عِندِى خَزَآئِنُ ٱللَّهِ وَلَآ أَعْلَمُ ٱلْغَيْبَ وَلَآ أَقُولُ لَكُمْ إِنِّى مَلَكٌ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰٓ إِلَىَّ قُلْ هَلْ يَسْتَوِى ٱلْأَعْمَىٰ وَٱلْبَصِيرُ أَفَلَا تَتَفَكَّرُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Дуца гьеб къавмалда абе, Мухlаммад ﷺ: дица нужеда абулеб гьечlо дида асклор ругин Аллагьасул хазинаби ва гьезул ихтияр. Ва дида балъгояб жо лъалинги абулеб гьечlо дица.**

Ибнухатlибица абуна: нужеца пикру гьабе, я муъминзаби! Тlадегlанав Аллагьас ﷻ жинца кинабго халкъалда тlаса вищун, халкъалъул сайидлъун гьавурав ва кlудияв расуллъунги гьавурав Мухlаммадида ﷺ амру гьабулеб буго: «Дуца кинабго къавмалда цеве чlун ва гьезда рагlизабун абе «дида балъгояб жо лъалароян»–абун.

Гьаб халкъалда гьоркьор ругел цо гlадамазул щиб хlалха бугеб, жидеца абулел: «Нижеда цебехун араб жо лъала, гьабсагlат бугебги ва нахъа букlинесебги жо лъала»-абун. Гьезул хlалалдасаги гlажаибаб хlал гьечlищ гьел ритlухъ гьарулел, гьезул рагlиялда божулел ва гьезда балъгояб жо бицинабизе хьвадулел гlадамазул. Гьал гlадамал кlудиял гьерсихъаби руклин жидеда лъаларел, гьездасан цlуни тlалаб гьабун аварагасул ﷺ хlадисалги рачlун руклаго.

Нужеда лъай муъминзаби, гьел гlадамазда божи ва гьезда тlад хьвади куфруялъул цо тайпа букlин. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Жив кагьинасухъ вачlарав* (балъгояб жо бицунев чи), *яги пал тlамулев чиясухъе вачlарав ва гьес бицараб жоялдаги божарав чи, Мухlаммад ﷺ аварагасде рещтlинабураб Къуръаналде инкар ккурав чи вуго»* – абун. Хlадис имам абу Давудица бицана.

**Дун малаик вуго абунги абулеб гьечlо дица. Дун вуго Аллагьас ﷻ дида вахlю гьабураб жоялда нахъвилълъун, гьеб нужехъе щвезабулев Аллагьасул хlакъав авараг. Дуца гьел капурал гlадамазда абе, Мухlаммад ﷺ: беццав чиги жинда канлъи бихьулев чиги ващад вукlунищ дунялалда чlаголъи гьабиялъулъ абун.** Гьеб мисал буго капурав чиясулги муъминчиясулги. **Жидеца бицунеб жоялъул пикруго гьабуларищ гьаб къосараб къавмалъ?**

Гьаб аят рещтlинабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Маккаялъул ханзабаз абуна: «Мун авараг вуго абун дуца абулеб бугелъул, дуца нижее ризкъи гlатlид гьабе, мискинлъи-пакъирлъи тlагlинабе, нижер магlишаталъулъ нижее маслихlат бугеб жоги малъе. Мун базаразде хьвадулевлъун, нижгун цадахъ

кваналевлъунги вуклунге» – абун.

Маккаялъул мушриказул гьеб тlалабалъе жаваблъун Аллагьас гьаб аят рещтlинабулеб буго ва гьезие баян гьабулеб буго: авараг ﷺ гьечlо Аллагьасул ризкъи жинца бикьулев, яги балъгояб жо жинда лъалев чи. Гьединго авараг малаикги гьечlо, гьев квен кваначlого ва къватlахъе хьвадичlого вуклине ккани.

Авараг ﷺ вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда вахlю гьабураб жо къавмалъухъе щвезабулев чи, гьев аварагасда нахъвилълъаравги, жинда канлъи бихьулев чиясда релъун, дунял-ахираталъулъ витlун ккарав чи вуго. Гьесда нахърилъинчlел капурал гlадамалги беццал чагlазда релъун руго, жидеда хlакъаб нух бихьуларел, нух малъулев чиясдаги гlенеккуларел, ахир квешаб къварилъиялдеги кколел.

وَأَنذِرْ بِهِ ٱلَّذِينَ يَخَافُونَ أَن يُحْشَرُوٓا۟ إِلَىٰ رَبِّهِمْ لَيْسَ لَهُم مِّن دُونِهِۦ وَلِىٌّ وَلَا شَفِيعٌ لَّعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ﴿٥١﴾

**51. Гьаб Къуръаналдалъун дуца хlинкъи кье, Мухlаммад ﷺ, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гlазабалдаса хlинкъулел ва ахираталда тlаде рахъинарун гьесда щцере чlезари жидеда лъалел муъминзабазе.**

Гьел руго дуца бицараб жо бичlчlунел ва гьелдаса мунпагlат босулел гlадамал. Дур иманалда ахlиялъе жаваб кьоларел ва дуде данде къеркьолел капурзаби жидерго ишалда те, гьезул хlакъалъулъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру дуде бачlинегlан.

**Муъминзабазе цоги вали гьечlо ва жинца шапагlат гьабулев чиги гьечlо цохlо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев. Гьез дур вагlза босула ва гьезул Аллагьасдаса хlинкъиги цlикlкlуна.**

وَلَا تَطْرُدِ ٱلَّذِينَ يَدْعُونَ رَبَّهُم بِٱلْغَدَوٰةِ وَٱلْعَشِىِّ يُرِيدُونَ وَجْهَهُۥ مَا عَلَيْكَ مِنْ حِسَابِهِم مِّن شَىْءٍ وَمَا مِنْ حِسَابِكَ عَلَيْهِم مِّن شَىْءٍ فَتَطْرُدَهُمْ فَتَكُونَ مِنَ ٱلظَّـٰلِمِينَ ﴿٥٢﴾

**52.** Гьаб аят рещтlине гьабиялъе сабаблъун бицана: Жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасгlудица абуна, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда асклор жидеца иман лъурал Ссугьайб, Хабаб, Билал, Гlаммар ва цогидалги загlипал, мискинал муъминзаби ругеб мехалъ, гьеб баклалда тlаде рачlун къурайшиязул цо къавмалъ абуна: «Я Мухlаммад! Гьал гlадамалищ ругел дуца гьудулзабиилъун ккурал, дур къавмги жибго тун? Гьалищ ругел Аллагьасе рокьарал гlадамал? Ниж гьазда нахърилълъун, гьазухъ гlенеккуниш руклине ругел? Дуца гьал гlадамал дуда асклоса нахъе къотlе, цинги ниж дуда нахърилълъине

бегьила» – абун. Цинги тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещтlизабуна:

**Дуца дуда асклосан нахъе къотlуге жидеца радалги бакъанидаги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсолел, гьев разилъи тlалаб гьабун гlибадатги гьабулел муъминзаби. Дуе щибго мунагь, яги къварилъи буклине гьечlо гьел муъминзабаца квешаб гlамал гьабунин абун. Ва дуца гьабураб гlамалалъул хlисаб гьездаги буклине гьечlо. Дуца гьел загlипал муъминзаби риклклад гьаруни, мун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда хилиплъулездаса вуклина.**

Гьаб рагlи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго нилъеда шаргlияб хlукму лъазе. Тlадегlанав Аллагьасда лъала хирияв аварагас ﷺ гьел муъминзаби нахъе къотlулареблъи.

وَكَذَٰلِكَ فَتَنَّا بَعْضَهُم بِبَعْضٍ لِّيَقُولُوٓاْ أَهَٰٓؤُلَآءِ مَنَّ ٱللَّهُ عَلَيْهِم مِّنۢ بَيْنِنَآۗ أَلَيْسَ ٱللَّهُ بِأَعْلَمَ بِٱلشَّٰكِرِينَ ﴿٥٣﴾

**53. Гьадин дица цо гlадамазул цогияздалъун хlалбихьи гьабула:** бечедасул пакъирасдалъун, къадру бугесул гlодовегlанасдалъун. **Бечедал, къадру бугел гlадамаз абизе гьал загlипал, мискинал, лагъзаллъун ругел гlадамалищ ругел Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тlаса рищарал ва жидее цlоб гьабурал, нижги жалго тун абун.**

Аллагьас иманалда ва исламалда нижедаса ццере ккезарун гьединал гlадамалищ тlоритlулел. Жал рашичlого, дол муъминзаби гlодорегlан гьарун абулеб рагlи буго гьеб. Гьезие жаваб гьабун тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Аллагь жинда лъалев вуго щив вугев жинца щукру гьабулев чи.** Гьев чи Аллагьас иманалда тlовитlула. Гьединго Аллагьасда лъала жинде инкар кколел гlадамалги ва жинца гьел гlодорегlан гьарун куфру-ширкалъулъ тола ва ахираталда жужахlалде рехула.

وَإِذَا جَآءَكَ ٱلَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِـَٔايَٰتِنَا فَقُلْ سَلَٰمٌ عَلَيْكُمْۖ كَتَبَ رَبُّكُمْ عَلَىٰ نَفْسِهِ ٱلرَّحْمَةَ أَنَّهُۥ مَنْ عَمِلَ مِنكُمْ سُوٓءًۢا بِجَهَٰلَةٍ ثُمَّ تَابَ مِنۢ بَعْدِهِۦ وَأَصْلَحَ فَأَنَّهُۥ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥٤﴾

**54. Духъе дир Къуръаналда ва мугlжизаталда иман лъурал гlадамал рачlараб мехалъ дуца гьезда абе, Мухlаммад ﷺ саламун гlалайкум- абун.**

Къуртlубияс абуна. Гьаб аят рещтlинабуна цебесеб аяталда жаниб жидер бицен гьабурал муъминзабазул хlакъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьал асхlабзаби рихьараб мехалъ салам кьей жинца байбихьулаан ва гьес абулеб буклана: *«Аллагьасе рецц*

*буго жинца дир умматалдаса цо къавм гьабурав дица жидее салам кьей тlадаллъун»* – абун. Хирияв аварагас цогидал асхlабзабаздаги абулаан гьел мискинал, загlипал муъминзабазе салам кьеян, гьезул ракl лъикl букlине ва гьел кlодо гьарун.

**Нужер Бетlергьан Аллагьас** ﷻ **жиндир напсалда рахlмат тlад гьабуна,** жиндир хиралъиялдалъун ва цlобалдалъун лагъзадерида гурхlел-рахlму гьабулев вуго Аллагь. **Нужедаса цо квешаб гlамал гьабурав чи жиндие гьелъул хlукмуги лъачlого,** бегьулищ гьеб жо гьабизе, яги бегьуларищ абураб. **Цинги гьеб квешаб гlамал гьабун букlин лъараб мехалъ жинца тавбо гьабулев ва лъикlаб гlамал гьабиялда тlадги чlолев, хlакълъунго Аллагь** ﷻ **жинца нужер мунагьал чурулев ва муъминзабазда гурхlулев вуго.** Гьав жинца тавбо гьабурав чиясул Аллагьас тавбо къабул гьабила ва гьесда тlасаги лъугьина.

وَكَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلْءَايَٰتِ وَلِتَسْتَبِينَ سَبِيلُ ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿٥٥﴾

55. **Гьадин тlадегlанав Аллагьас** ﷻ **жиндир шаргlиял хlукмаби баян гьарула,** муъминзаби алжаналде унел нухалги баянлъизе **ва куфру-ширкалдалъун мунагьал гьарулел гlадамазул мунагьал гьарулел нухал ва къагlидабиги баянлъизе,** гьездаса гlадамал рикlкlалъизе.

قُلْ إِنِّي نُهِيتُ أَنْ أَعْبُدَ ٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ ۚ قُل لَّآ أَتَّبِعُ أَهْوَآءَكُمْ ۙ قَدْ ضَلَلْتُ إِذًا وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلْمُهْتَدِينَ ﴿٥٦﴾

56. **Дуца абе, Мухlаммад** ﷺ**: Дида Аллагьас** ﷻ **амру гьабун буго нужеца жидее лагълъи гьабулел аллагьзабазе:** хъанчазе ва суратазе **лагълъи гьабуге абун Жегиги дуца абе, Мухlаммад** ﷺ**, дун нужее бокьараб жоялда нахъвилълъунев гьечlо** ва нужеда релълъун Аллагьасде ширк гьабулев гьечlо. **Гьедин нужее бокьараб жо дица гьабуни, дун къосарал гlадамаздаса вукlуна, ва Аллагьасе** ﷻ **мутlигlал муъминзабаздаса вукlунаро абун.**

قُلْ إِنِّي عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّي وَكَذَّبْتُم بِهِۦ ۚ مَا عِندِي مَا تَسْتَعْجِلُونَ بِهِۦٓ ۚ إِنِ ٱلْحُكْمُ إِلَّا لِلَّهِ ۖ يَقُصُّ ٱلْحَقَّ ۖ وَهُوَ خَيْرُ ٱلْفَٰصِلِينَ ﴿٥٧﴾

57. **Дуца абе, Мухlаммад** ﷺ**: дун вуго Аллагьас дида вахlю гьабураб шаригlаталда нахъвилъун, гьеб бичlчlун, битlараб нухда вугев чи. Нужеца гьеб хlакъаб дин гьереси гьабулеб буго. Дида асклоб гьечlо ва дир ихтиdroppedиялда гьечlо нужеца тlалаб гьабулеб гlазаб:**

Мушриказ абулеб букlана мун хlакъав авараг ватани, нижеда гlазаб

рещтlизабеха абун. Гьеб гlазаб гьаби ва гьабичlого тейи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хlукму буго. **Ва цоги щивго чи гьечlо жинца хlукму гьабулев цохlо Аллагь гурони. Тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хlакъаб жо бицун жиндир лагъзал тlоритlула ва гьев жидеца хlукму гьабулезул бищунго лъиклав вуго.**

قُل لَّوْ أَنَّ عِندِى مَا تَسْتَعْجِلُونَ بِهِۦ لَقُضِىَ
ٱلْأَمْرُ بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِٱلظَّٰلِمِينَ ٥٨

**58. Дуца мушриказда абе, Мухlаммад ﷺ, нужеца тlалаб гьабулеб гlазаб дир ихтияралда букларабани нилъеда гьоркьоб хlукму цlакъ хехго тlубазе буклана.**

Нужедаса дун хlалхьезе дица гьеб гlазаб нужее гьабизе буклана. **Хlакълъунго Тlадегlанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго куфру-ширкалъул агьлу жинда лъалев ва гьезие гlазаб кида гьабилебги лъалев.** Нужее Аллагьасул гlазаб буклине буго, амма нужеца тlалаб гьабураб мехалъ буклине гьечlо, Аллагьас жиндие бокьараб мехалъ гьабила нужее гlазаб.

۞ وَعِندَهُۥ مَفَاتِحُ ٱلْغَيْبِ لَا يَعْلَمُهَآ
إِلَّا هُوَ ۚ وَيَعْلَمُ مَا فِى ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ ۚ وَمَا
تَسْقُطُ مِن وَرَقَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا وَلَا حَبَّةٍ فِى
ظُلُمَٰتِ ٱلْأَرْضِ وَلَا رَطْبٍ وَلَا يَابِسٍ إِلَّا
فِى كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ٥٩

**59. Аллагьасда кодоб буго кинабго гъаибаб жо лъаялъул ихтияр ва ханлъи.** Гъаибаб жо абула нилъеда жиб бихьулареб ва лъалареб цебехун буклараб, яги хадуб буклинесеб жоялда. Гьеб гъаибаб жо цохlо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гурони лъаларо ва гьес лъазабураб жо цо-цо аварагзабаздаги лъала.

**Гьев Аллагьасда лъала ракъдада бугеб ва ралъдалъ бугеб жо. Гъветlалдаса цохlо тlамахги бортуларо Аллагьасда жиб лъан гурони. Ракьулъ жаниб бугеб цохlо мугьги гьечlо, жиб бакъвараб гамачl гlадаб жо гьечlо, жиб гlатlгояб гъветl-хер гlадаб жоги гьечlо Аллагьас жиб лавхlул-махlфузалда хъвараб, гьесда лъалеб буклун гурони.**

وَهُوَ ٱلَّذِى يَتَوَفَّىٰكُم بِٱلَّيْلِ وَيَعْلَمُ مَا
جَرَحْتُم بِٱلنَّهَارِ ثُمَّ يَبْعَثُكُمْ فِيهِ
لِيُقْضَىٰٓ أَجَلٌ مُّسَمًّى ۖ ثُمَّ إِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ ثُمَّ
يُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ٦٠

**60. Гьев Бетlергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие лагълъи гьабизе тlадав, жинца нуж сардилъ хвезе гьарулев.**

Нуж кьижун руклун ва нужеда щибго жо лъаларого хварал гlадамазда релълъун руклун.

**Нужеца къад ракьалда тlад хьвадун гьабураб кинабго гlамалги жинда лъалев. Къад нуж тlаде**

**рахъизарун чlаго гьарулев, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **къадар гьабураб гlажал тlубазабизе. Цинги нуж Аллагьас жинде руссинарула:** нуж хвезарун, хадуб къиямасеб къоялъ тlаде рахъинарун.

**Цинги нужеда бицула дунялалада нужеца гьарурал гlамалал** ва нужее гьезул жазаъги гьабула: лъикlаб гlамал гьабурал муъминзабазе алжаналъул ниглматал кьола. Квешаб гlамал гьабурал, куфру-ширкалда рукlун хварал гlадамазе жужахlалъул гlазабги гьабула.

Гьаб аяталда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда бичlчlизабулеб буго нилъ хвезари ва ахираталда тlаде рахъинари жинда асклоб къаси кьижизарун, къад тlаде рахъинариялда релълъараб жо букlин ва жиндие гьелдалъун заралниги, хайирниги, захlмалъиниги букlунареблъи.

**61. Жиндир лагъзадерида тlад кверщел бугев вуго Аллагь,** жиндие кинабго махлукъ мутlиглав, жиндир къадру-кlодолъиялъе рухl бугебги рухl гьечlебги хlелун букlунев вуго Аллагь. **Нужер гlамалал хъвазе малаикзабиги ритlула Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ. Гьел малаикзаби ритlиги лагъзадерида бугеб Аллагьасул гурхlел буго. Инсанасда лъараб мехалъ жинца гьабураб кинабго гlамал лъалеб букlин ва хъвалеб букlин, гьев инсан хlинкъизе рекъараб буго къиямасеб къоялъ жиндир кагътида тlад халкъалда ва Халикъасда цеве жив нечолеб ва гlодовеглanлъулеб гlамал батиялдаса.

وَهُوَ ٱلْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهِۦ وَيُرْسِلُ عَلَيْكُمْ حَفَظَةً حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَ أَحَدَكُمُ ٱلْمَوْتُ تَوَفَّتْهُ رُسُلُنَا وَهُمْ لَا يُفَرِّطُونَ ﴿٦١﴾

**Цинги нужер цоясул гlажал лъугьараб мехалъ дир малаикзабаз гьев чи рухl босун хвезавула ва жидеца щибго нахъбахъи гьабуларо дир амру тlубазе.**

**62. Цинги ахираталде руссине гьарула жидер хlакъав Бетlергьан Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ. **Гьесул буго ахираталда кинабго хlукму ва ханлъи, ва гьев лагъзадерил хlисаб цlакъ хех гьабулев вуго.**

ثُمَّ رُدُّوٓاْ إِلَى ٱللَّهِ مَوْلَىٰهُمُ ٱلْحَقِّ ۚ أَلَا لَهُ ٱلْحُكْمُ وَهُوَ أَسْرَعُ ٱلْحَٰسِبِينَ ﴿٦٢﴾

Цо хlадисалда буго тlадегланав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кинабго халкъалъул хlисаб гьабула дунялалъул къоязул бащдаб къо гlадаб заманалда жаниб абун.

**63. Дуца маккаялъул капурал гlадамазда абе, Мухlаммад** ﷺ, **ракъдада бугеб ва ралъдалъ бугеб бецlлъиялдаса нуж хвасар гьарулев чи щив вугев?**

قُلْ مَن يُنَجِّيكُم مِّن ظُلُمَٰتِ ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ تَدْعُونَهُۥ تَضَرُّعًا وَخُفْيَةً لَّئِنْ أَنجَىٰنَا مِنْ هَٰذِهِۦ لَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ﴿٦٣﴾

Сапаразда нужеде тlаде рачlунел къварилъабаздаса нуж щив чияс цlунулел. Щивго чияс цlунуларо. **Гьеб къварилъиялде ккараб мехалъ нужеца ахlи бала тlадегlанав Аллагьасде ﷻ, гьесие хlелун ва гьесдаса хlинкъун, ва нужеца абула: «Дуца ниж гьаб къварилъиялдаса хвасар гьаруни, ниж цlакъ дуе щукру гьабулеллъун рукlина ва нижеца дуда иман лъун дуе гlибадат бацlцlад гьабила» - абун.**

قُلِ ٱللَّهُ يُنَجِّيكُم مِّنْهَا وَمِن كُلِّ كَرْبٍ ثُمَّ أَنتُمْ تُشْرِكُونَ ﴿٦٤﴾

**64. Дуца гьезда абе, Мухlаммад ﷺ, Аллагь вуго нуж гьеб къварилъиялдаса хвасар гьарулев ва гьеб гуреб цогидаб ургъел-пащманлъи нужедаса инабулев. Цингиги нужеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабула ва гьесде балеб букlараб ахlиги нужеда кlочона.** Цlакъ квешаб гlамал буго нужер.

قُلْ هُوَ ٱلْقَادِرُ عَلَىٰٓ أَن يَبْعَثَ عَلَيْكُمْ عَذَابًا مِّن فَوْقِكُمْ أَوْ مِن تَحْتِ أَرْجُلِكُمْ أَوْ يَلْبِسَكُمْ شِيَعًا وَيُذِيقَ بَعْضَكُم بَأْسَ بَعْضٍ ۗ ٱنظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ ٱلْـَٔايَـٰتِ لَعَلَّهُمْ يَفْقَهُونَ ﴿٦٥﴾

**65. Жегиги дуца гьел капурал гlадамазда абе, Мухlаммад ﷺ, Аллагь ﷻ жиндир хlал кlолев вугин нужеде балагь рещтlинабизе Зодисан.** пириречlун, ракьалдасан цlадул ва ганчlазул цlад базабун. Гьеб буго вулкан тlаде кlанцlи. Тlупан тlун лъималдалъун гьалаг гьарун, гьури, бураналдалъун гьалаг гьарун. **Яги нужеда гьоркьан тlаде бачlина гьеб балагь,** ракь багъарун, бихъ-бихъун ун, нуж жанире ккезе гьарун. **Яги Аллагьас нуж гьарила батlи-батlиял къокъабилъун, цоял цоялгун рагъулел ва цояз цоял чlвалел.** Гьаб буго ахир замана гlагарлъиялъул гlаламат ва гьаб гlаламат жакъа цlакъ загьирлъун буго ва бусурбаби цояз цоял чlвалеб замана бачlун буго.

**Мун валагьун, дуца пикру гьабе, Мухlаммад ﷺ, кин дица лагъзадерида гlаламатал рихьизарулел, жидеца гьелъул вагlза босизе бокьун ва гьезда хlакъаб жо лъазеги бокьун.**

وَكَذَّبَ بِهِۦ قَوْمُكَ وَهُوَ ٱلْحَقُّ ۚ قُل لَّسْتُ عَلَيْكُم بِوَكِيلٍ ﴿٦٦﴾

**66. Гьаб Къурьан дур къавмалъ гьереси гьабуна Мухlаммад ﷺ, хlакъаб Аллагьасул ﷻ калам гьеб букlингун цадахъ. Дуца гьезда абе, Мухlаммад ﷺ: Дун нужехъе витlун гьечlо нужер гlамал дица хисизабизе, яги дие бокьухьин гьеб гlамал гьабизе нуж тlамизелъун.**

Дун вуго нужехъе Аллагьасул калам щвезабулев расул. Нужеца гьабураб гlамалалъул жазаъги нужеего букlине бугоян абун

**67. Бетlергьан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ щибаб амруялъул жиб тlубалеб гlуж букlуна ва гьеб амру тlубазе щибго жоялъ квалквал гьабуларо. Аллагьасул амру тlаде щун нужее гlазаб гьабулеб мехалъ, нужеда лъазе буго кинаб гуч ва къудрат Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ бугеб.**

لِّكُلِّ نَبَإٍ مُّسْتَقَرٌّ وَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٦٧﴾

**68. Дуда цо гlадамал рихьараб мехалъ, Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жидеца дир Къуръаналда ва мугlжизатазда тункараб, гьеб гlодобегlан гьабулеб хабар бицунел, мун гьездаса вусса ва мун гьезда асклов чlоге, жидеца гьеб квешаб гlамал тун цоги лъиклаб жоялъул бицине гьел лъугьинегlан. Щайтlаналъ дуда гьаб амру клочезабун, гьел гlадамалгун мун гlодов чlун ккани, гьаб амру ракlалде щварабго мун гьездаса ватlалъе ва мун Аллагьасул Къуръан ва дин гlодобегlан гьабулеб залимаб къавмгун цо мажлисалда вукlунге.**

وَإِذَا رَأَيْتَ ٱلَّذِينَ يَخُوضُونَ فِيٓ ءَايَٰتِنَا فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُوا۟ فِي حَدِيثٍ غَيْرِهِۦ ۚ وَإِمَّا يُنسِيَنَّكَ ٱلشَّيْطَٰنُ فَلَا تَقْعُدْ بَعْدَ ٱلذِّكْرَىٰ مَعَ ٱلْقَوْمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٦٨﴾

Гьал церехун рехсарал аятал рещтlинариялъе сабаб буго къурайшиязул мушрикал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва гьесда нахърилълъарал муъминзабазе кинабаго рахъалъан къварилъи гьабулел рукlана жидер къуват, гучалда ракlчlун, муъминзаби берзукълъун рихьун. Гьел муъминзабазда рагlулеб баклалда Къуръаналда ва Аллагьасул диналда тункизабун, гьеб махсароде гьабун хабар бицун релъанхъулел рукlана.

Тlадегlанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб муъминзабазул шавкат (къуват, гуч) гьечlеб заманаялъ хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьесул асхlабзабазда رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ амру гьабулеб букlана нуж гьаб квешаб къавмалдаса риклклад чlа абун ва Аллагьас нужее квербакъиялъе гьабун бугеб заман тlаде щвезегlан, гьал мушриказулгун питна гьабуге абунги.

Гьаб амру гьадин букlуна киналго муъминзабазе жидер къуват загlиплъараб мехалъ, жамагlатги дагьлъараб мехалъ. Тущманасул зулму тlаде цlалеб, гьев тущман нилъедаса бергьун воххулеб гlамал гьабичlого сабру гьабун чlезе ккола. Бусурбабазул рагlи цолъизабун, гьезул къуват данде бакларун, цlидаса Аллагьасул диналъе гlоло, гьев разилъи тlалаб гьабун, Аллагьасул нухалда гъазават гьабизе къватlире

рахъине хlадурлъиги гьабизе ккола.

Гьаб дунял бугебгlан мехалъ бусурбабиги капурзабиги цоцалъ къеркьолел рукlине руго ва Аллагьасул хlукму-къадаралда рекъон цин цоял бергьун, цин цоял бергьун рукlине руго. Нилъер ракIчIчIезе тlадаб амру буго ахир-къадги исламияб дин бергьизе букlин ва ракьалда тlад гьеб дин гlамлъизе букlинги.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилълъ жиндир диналъе квербакъулездаса гьареги. Амин.

وَمَا عَلَى ٱلَّذِينَ يَتَّقُونَ مِنْ حِسَابِهِم مِّن
شَيْءٍ وَلَٰكِن ذِكْرَىٰ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ﴿٦٩﴾

**69. Аллагьасда иманлъун, аварагасда нахърилълъун жал хьвадулел муъминзабазе щибго къварилъи букlине гьечlо гьел мушриказул квешаб гlамалалъул хlисаб гьабулеб мехалъ. Киниги муъминзабазда тlадаб буго жидер хlал кlвараб ва рес рекъараб хlалалъ гьеб квешаб къавмалъе вагlза-насихlат гьабизе ва Аллагьасда иман лъеялде гьел ахlизе.**

Гьезул цонигияз иман лъун, Аллагьасдаса хlинкъулеллъун гьел лъугьиналде хьул лъун.

وَذَرِ ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ دِينَهُمْ لَعِبًا وَلَهْوًا
وَغَرَّتْهُمُ ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا ۚ وَذَكِّرْ بِهِۦٓ
أَن تُبْسَلَ نَفْسٌۢ بِمَا كَسَبَتْ لَيْسَ
لَهَا مِن دُونِ ٱللَّهِ وَلِىٌّ وَلَا شَفِيعٌ وَإِن تَعْدِلْ
كُلَّ عَدْلٍ لَّا يُؤْخَذْ مِنْهَآ ۗ أُو۟لَٰٓئِكَ
ٱلَّذِينَ أُبْسِلُوا۟ بِمَا كَسَبُوا۟ ۖ لَهُمْ
شَرَابٌ مِّنْ حَمِيمٍ وَعَذَابٌ أَلِيمٌۢ بِمَا
كَانُوا۟ يَكْفُرُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Дуца те, Мухlаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жидеца дин махсароде гьабулел, рекlелгъеялъе, махсаро-хвечlалъул бакlалда гьеб буссинабулел ва гьаб дунялалъул чlаголъиялъ гуккун ругел гlадамал:** боцlи-мал гlемерлъун, минаби чlахlиял ран, тlад рекlун хьвадулел жал чlухlарал рукlун. Ва жидер ракlалдеги кколеб бугел гьаб дунял гуреб цоги хадуб жо гьечlин абун.

**Дуца Къуръаналдалъун гlадамазе вагlза гьабе, жидер гlамалаздалъун гlазабалъе хlакълъун ккечlого рукlине. Цониги напсалъе жинца кумек гьабулев ва квербакъулев чи вукlине гьечlо, гьеб гlазабалъе хlакълъараб мехалъ, цохlо Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гурев.**

**Кигlан гlемераб боцlи-мал рищваталъе, яги гlазаб тlаса босиялъе гlакlа хlисабалда кьезе къасд гьабуниги, гьебги къабул гьабуларо къиямасеб къоялъ. Ахираталда гlазаб гьабиялъе хlакълъарал гlадамал дунялалда жидеца гьабураб гlамал сабаблъун гьеб гlазаб жидее щварал рукlуна. Жидее жужахlалда жаниб цlакъ**

**бухlараб, махlцараб, чехьалда жанибги гьалдолеб букlунеб лъим кьола. Ва цlакъ гучаб гlазабги гьабула жидеца Аллагьасда ва ахираталда инкар кквей сабаблъун,** Аллагьасул ﷻ дин ва аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гlодорегlан гьарун гьел хьвадун рукlин сабаблъун, гьелъие жазаълъун.

قُلْ أَنَدْعُوا۟ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَنفَعُنَا وَلَا
يَضُرُّنَا وَنُرَدُّ عَلَىٰٓ أَعْقَابِنَا بَعْدَ إِذْ هَدَىٰنَا
ٱللَّهُ كَٱلَّذِى ٱسْتَهْوَتْهُ ٱلشَّيَـٰطِينُ فِى
ٱلْأَرْضِ حَيْرَانَ لَهُۥٓ أَصْحَـٰبٌ يَدْعُونَهُۥٓ
إِلَى ٱلْهُدَى ٱئْتِنَا ۗ قُلْ إِنَّ هُدَى ٱللَّهِ هُوَ
ٱلْهُدَىٰ ۖ وَأُمِرْنَا لِنُسْلِمَ لِرَبِّ ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴿٧١﴾

**71. Дуца гьеб къавмалда абе, Мухlаммад ﷺ: нижеца гlибадат кин гьабилеб, гlибадат гьабунин абун нижее щибго хайир гьабизе кlоларел, яги гьеб гьабичlин абун щибго заралги гьабизе кlоларел хъанчазе ва гьезда релълъарал жалазеги? Гьедин гlибадат гьабуни ниж рукlуна Аллагьас хlакъаб динул исламалде тlоритlун хадур къосиналде тlадруссарал гlадамаллъун. Ниж рукlуна щайтlабаца къосинавун, гlодовегlан гьавун цо гlалахалда рехун тарав чиясда релъун, гьенисан къватlиве вачlине нухги лъаларого хутlарав, жидеца гьев битlараб нухде ахlулел гьалмагъзабиги ругев: нахъе вачlа, гьале мун хвасарлъулеб бакl-абун. Жинца гьезул ахlиялъе жавабги кьоларев.**
Жив щайтlаналъ цlакъго къосизавун вукlун. Гьеб хlалалде ккезе ниж Аллагьасул ﷻ хlакъаб диналдаса нахъ руссинаро.
**Жегиги дуца абе, Мухlаммад ﷺ, хlакъаб жоялде тlоритlел цохlо Аллагьасдаса ﷻ буго. Гьеб хlакъаб жоги ниж жинда ругеб динул ислам буго, цогидаб кинабго жо къосин буго. Нижеда амруги гьабун буго кинабго гlалам жинца хьихьулев Бетlергьанасе мутlигlлъизе.** Кинабго гlибадатги гlицlго Аллагьасе ﷻ гьабизе.

وَأَنْ أَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَٱتَّقُوهُ ۚ وَهُوَ ٱلَّذِىٓ إِلَيْهِ
تُحْشَرُونَ ﴿٧٢﴾

**72. Жегиги нижеда амру гьабун буго паризаял какал рукугl-сужда тlубазабун, цогидалги хlакъал цlунун рай абун ва Аллагьасдаса хlинкъун гlибадат гьабе абунги. Хlакълъунго Аллагь ﷻ вуго ахираталда кинабго халкъ жинда асклоб баклlарулев ва гьезие жазаъ гьабулев.**

وَهُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّ ۖ
وَيَوْمَ يَقُولُ كُن فَيَكُونُ ۚ قَوْلُهُ ٱلْحَقُّ ۚ وَلَهُ

**73. Гьев Бетlергьан Аллагь ﷻ вуго** нижеца жиндие гlибадат гьабулев: **жинца зобал-ракьал ва**

ٱلۡمُلۡكُ يَوۡمَ يُنفَخُ فِي ٱلصُّورِۚ عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ وَٱلشَّهَٰدَةِۚ وَهُوَ ٱلۡحَكِيمُ ٱلۡخَبِيرُ ﴿٧٣﴾

**гьениб жаниб бугеб кинабго махлукъатги х1акъаб жоялдалъун бижарав.**

Г1ададисеб жо гьабун бижич1о гьеб кинабго, жинда аск1об бугеб х1икматалда рекъон бижана. **Нуж гьев Аллагьасул ﷻ г1азабалдаса х1инкъа, гьесие г1азаб гьабизе бокьараб мехалъ щибго заман ва бак1 къвариг1унаро. Цох1о «Кун» абураб раг1и абилебг1ан мехалда жиндие бокьараб жо т1убала. Аллагьасул раг1и ва х1укму жиб бук1ин х1акъаб жо буго.**

**Ахираталда кинабго жоялъул ханлъиги цох1о Аллагьасе ﷻ буго.** Исрафил малаикас суралъуб пулеб къо буго гьеб, г1адамал ч1аго гьарун т1аде рахъинаризе. **Жинда загьирабги, бат1инабги, аск1об бугебги, рик1к1ад бугебги кинабго жо лъалев вуго Аллагь ﷻ. Жинца гьабулеб х1укмуялъулъ ц1акъ г1адлу бит1арав, лагъзадерил маслих1атал жинда лъалевги вуго гьев Аллагь ﷻ.**

۞ وَإِذۡ قَالَ إِبۡرَٰهِيمُ لِأَبِيهِ ءَازَرَ أَتَتَّخِذُ أَصۡنَامًا ءَالِهَةً إِنِّيٓ أَرَىٰكَ وَقَوۡمَكَ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ﴿٧٤﴾

**74. Дур къавмалъе насих1ат гьабун бице, Мух1аммад ﷺ, Ибрагьим عليه السلام аварагас жиндир эмен Азарида абураб г1уж: «Дуца хъанчалищ кколел жидее лагълъи гьабизе алагьзабилъун, мун вижарав, дуе ризкъи кьолев бет1ергьан Аллагьги тун. Дида лъалеб буго мунги дур къавмги т1убараб ва баянаб къосиналъулъ бук1ин»-абун.**

وَكَذَٰلِكَ نُرِيٓ إِبۡرَٰهِيمَ مَلَكُوتَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَلِيَكُونَ مِنَ ٱلۡمُوقِنِينَ ﴿٧٥﴾

**75. Гьединго Дица Ибрагьимида бихьизабуна ва лъазабуна зобалазда ва ракьазда жаниб бугеб жо, гьев жиндир иман лъеялъулъ якъиналда вук1ине, г1елму ва г1акълу бугев вук1ине, жинца къавм иман лъеялде ах1изе ва гьезие х1ужа-далил бицине.**

Г1алимзаби хилиплъана гьаб аяталъул маг1на гьабиялъулъ. Г1емерисел г1алимзабаца абуна т1адег1анав Аллагьас Ибрагьим аварагасда зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго жо бихьизабуна ва жиндир рек1елъ гьеб лъайги гьабуна. Гьелдалъун Ибрагьим авараг Аллагьасул ﷻ махлукъаталде валагьун щибго щаклъи гьеч1ел г1акъилал далилал рачине лъалев гьавуна.

Гьеб раг1и бит1араблъун гьабулеб буго жинда Аллагь разилъаяв Муг1аз ибну Жабалидасан имам Ах1мадица бицараб х1адис. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дида дир бет1ергьан макьилъ вихьана ц1акъ берцинаб сураталда ва жинца дида абуна:*

*«Я Мухlаммад ﷺ, дуда лъалищ щиб жоялъулъ бугеб зобалазул агьлуялъул бахlс» – абун. Дица абуна: «Дида лъаларо, я дир Бетlергьан»* – абун. *Цинги Бетlергьанас жиндир квер лъуна дир кlиябго бугьналагаялда гьоркьоб – дида гьесул килщазул гьогьен дир кlиябго кереналда гьоркьоб бугеб гlадинаб асар лъугьана. Цинги бетlергьанас дие кинабго жо загьир гьабуна ва дида гьебги лъана»* – абун. Хlадис къокъ гьабун тана.

**76. Цинги сордо тlаде бачlун зодихъан цlва баккидал ва гьеб жинда бихьидал Ибрагьимица къавмалда рагlизе абуна: «Гьаб цlва буго дир Бетlергьан»**– абун.

فَلَمَّا جَنَّ عَلَيۡهِ ٱلَّيۡلُ رَءَا كَوۡكَبٗاۖ قَالَ هَٰذَا رَبِّيۖ فَلَمَّآ أَفَلَ قَالَ لَآ أُحِبُّ ٱلۡأٓفِلِينَ ٧٦

Гьаб рагlи абиялъе гlиллаги букlана жиндир къавм букlин хъанчазего гlадин цlвабзазеги, малаикзабазеги лагълъи гьабулел. Гьеб къавм мекъаб нухалда букlин бичlизабизе гьезул гlакълуялда релълъараб хабар бицун мисалал рачине байбихьана Ибрагьим аварагас. «Гьаб цlва дир бетlергьан буго» – абураб рагlи жиндир ракlалда бугеб жо бицин букlинчlо. Жинда якъинго лъалеб букlиндал кинабго махлукъаталъулги жиндирги Халикъ цохlо Аллагь ﷻ вукlин. Цогиги гlилла букlана гьеб къавмалъ жидецаго зобал-ракьазда жанир ругел Аллагьасул ﷻ гlажаибал махлукъазул пикру гьабун, гьезул бетlергьан вукlиналда далил бачине гьел ругьун гьари.

Цо гlалимзабаца гьаб аяталъе тафсир гьабун абуна: «Ибрагьим аварагас: «Цlваги, бакъ-моцlги жиндир Аллагь вуго»-абураб заман гьев жеги гьитlинав лъимер вугеб мех букlана абун. Гьаб магlна битlараб гьечlо.

**Цинги гьаб цlва тlерхьун араб мехалда Ибрагьимица абуна: «Гьадинал раккулел, тlерхьунел жал дие рокьиларо ва гьел алагьаллъун рукlине рекъеларо.** Аллагь ﷻ вукlине ккола жиндир хlал хисуларев, кинабго жоялдаса жив тlокlав ва тlадегlанав.

**77. Хадуб гвангъун, гургинлъун моцl баккун бачlараб мехалъ Ибрагьимица** عليه السلام **абуна: «Гьаб буго дир Бетlергьан»** – абун.

فَلَمَّا رَءَا ٱلۡقَمَرَ بَازِغٗا قَالَ هَٰذَا رَبِّيۖ فَلَمَّآ أَفَلَ قَالَ لَئِن لَّمۡ يَهۡدِنِي رَبِّي لَأَكُونَنَّ مِنَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلضَّآلِّينَ ٧٧

Доб цlва бихьараб мехальго гlадин моцl бихьараб мехальги гьеб моцl Аллагьлъун букlине бегьулареблъи къавмалда бичlчlинабизе ва гьезул пикру цlодор гьабизе бокьун абуна Ибрагьимица гьаб рагlиги. **Хадуб моцlги тlерхьун индал, жив хlайранлъун хутlарав чияс гlадин, Ибрагьимица абуна:**

**«Валлагьи, дир бет1ергьан Аллагьас** ﷻ **дун х1акъаб диналда ва г1акълу-лъаялда т1овит1ун вук1инч1евани, дунги къосараб, жидеда х1акъаб нух лъалареб къавмалдаса вук1инаан»** – абун. Нуж бит1араб нухалда гьеч1о абун къавмалда ишара гьабун абураб раг1и буго гьаб.

فَلَمَّا رَءَا ٱلشَّمْسَ بَازِغَةً قَالَ هَٰذَا رَبِّى هَٰذَآ أَكْبَرُ ۖ فَلَمَّآ أَفَلَتْ قَالَ يَٰقَوْمِ إِنِّى بَرِىٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُونَ ﴿٧٨﴾

**78. Цинги гвангъун бакъ баккараб мехалъ,** гьеб бакъалъ кинабго жоялда канлъиги хинлъиги щвезабулеб бихьидалго, **Ибрагьимица** عليه السلام **абуна: «Гьаб бакъ буго дир бет1ергьан. Гьаб ц1ваялдасаги моц1алдасаги к1удияб буго ва гьалъул канлъиги хинлъиги буго» – абун. Сордо т1аде бач1ун бакъги т1ерхьун индал къавмалдехун хит1аб гьабун Ибрагьим аварагас абуна: «Я дир къавм, дун вац1адав вуго нужеца жидее лагълъи гьабун, Аллагьасде ширк гьабулеб кинабго жоялдаса»-абун.**

Дица г1ибадат цох1о Аллагьасе гурони гьабиларо. Нужеда бихьана гьал ц1вабиги, бакъ-моц1ги раккулел-т1ерхьунел рук1ин, гьединабго Аллагьасул махлукъ буго малаикзабиги. Нужецаго ганч1ил, ц1улал ва цогидаб жоялъул гьарурал хъанчал алагьзабилъун гьеч1еблъи ц1акъго мух1канаб жо буго.

Гьадин къавмалъ Аллагьасде ширк гьаби бат1улаб жо бук1иналъе жинца далил бачун хадуб, Ибрагьим عليه السلام аварагас къавмалда цеве ч1ун, гьез иман лъезе бокьун абуна:

إِنِّى وَجَّهْتُ وَجْهِىَ لِلَّذِى فَطَرَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ حَنِيفًا ۖ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٧٩﴾

**79. Х1акълъунго дица дир гьумер бусизабуна.** Г1ибадат гьабиялдалъун дие бокьараб ва дица т1алаб гьабулеб жо гьариялдалъун. **гьаб кинабго махлукъ ва зобал-ракьал щибго жо гьеч1ого бук1ун хадуб жинца бижарав Бет1ергьан Аллагьасде. Дун киналго бат1улал диназдаса вуссун, Аллагь жинда разияб, исламияб диналда вуго ва дун ширк гьабулел г1адамаздасаги гьеч1о»** – абун.

وَحَآجَّهُۥ قَوْمُهُۥ ۚ قَالَ أَتُحَٰٓجُّوٓنِّى فِى ٱللَّهِ وَقَدْ هَدَىٰنِ ۚ وَلَآ أَخَافُ مَا تُشْرِكُونَ بِهِۦٓ إِلَّآ أَن يَشَآءَ رَبِّى شَيْـًٔا ۗ وَسِعَ رَبِّى كُلَّ شَىْءٍ عِلْمًا ۗ أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ ﴿٨٠﴾

**80. Ибрагьим авараггун гьесул къавм къацандана,** Аллагь ﷻ цо вук1ин бицун, гьесие г1ибадат гьабиялде гьел ах1араб мехалъ. Ва жидеца гьесие х1инкъи кьезеги лъугьана жидер аллагьзабаз дуе зарал гьабич1ого

толаро абун, дуца гьездехун тункараб хабар бицунеб бугелъул. **Ибрагьимица абуна: «Нуж дидехун къацандулелищ ругел Аллагь цо вукlиналъе муклурлъичlого. Дун гьав Аллагьас хlакъаб нухда тlовитlун вуго. Дун хlинкъуларо нужеца Аллагьасдехун ширк гьабулел, нужеца аллагьзаби руго абулел жалаздаса.**

Гьел руго жидер щибго гьунар гьечlел, жидеда канлъиги бихьуларел, раглиги раглуларел. Ва жидеда щибго зарал, яги хайир гьабизеги кlоларел. **Дида щибго къварилъи-зарал щоларо дир бетlергьан Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьеб щвезе бокьун гурони. Дир Бетlергьан жиндир гlелму-лъай кинабго жоялда гlатlилъарав, гьелда сверун лъугьарав вуго. Нужеца гьаб бицунеб жоялъул пикру гьабуларищ ва нужее гьалъул вагlзаги лъугьунарищ?**

وَكَيۡفَ أَخَافُ مَآ أَشۡرَكۡتُمۡ وَلَا تَخَافُونَ أَنَّكُمۡ أَشۡرَكۡتُم بِٱللَّهِ مَا لَمۡ يُنَزِّلۡ بِهِۦ عَلَيۡكُمۡ سُلۡطَٰنٗاۚ فَأَيُّ ٱلۡفَرِيقَيۡنِ أَحَقُّ بِٱلۡأَمۡنِۖ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٨١

**81. Дун кин хlинкъилев нужеца Аллагьасдехун ширк гьабулел батlулал аллагьзабаздаса? Нуж хlинкъулел гьечlо гурищ гьав хlакъав Аллагьасде ширк гьабизе, нужее щибго хlужа-гlиллаги гьечlого ва Аллагьасул рахъалъан нужеде бачlараб амруги гьечlого. Нилъер киналха ругел хlинкъичlого рукlине мустахlикъал? Нужеца дида бице гьаб иш, нуж дагьабниги жо лъалел ратани.**

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, гьесул аварагзаби ритlухъ гьарун, гьев разилъи тlалаб гьабун гlибадат гьабулел ниж руго божараллъун рукlине рекъарал. Хъанчазе лагълъиги гьабун кинабго гlаламалъул Бетlергьанасде инкар ккурал нужее щибго жо гьечlо жинда божизе ва жинца кумек гьабизе.

ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَلَمۡ يَلۡبِسُوٓاْ إِيمَٰنَهُم بِظُلۡمٍ أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمُ ٱلۡأَمۡنُ وَهُم مُّهۡتَدُونَ ٨٢

**82. Жидеца иманги лъурал, цинги гьеб иманалда гьоркьоб щибго ширк кколеб жоги жубазабичlел гlадамал руго дунялалда ва ахираталда жидее хlинкъи гьечlел. Битlараб нухда тlоритlаралги гьал гlадамал руго.**

وَتِلۡكَ حُجَّتُنَآ ءَاتَيۡنَٰهَآ إِبۡرَٰهِيمَ عَلَىٰ قَوۡمِهِۦۚ نَرۡفَعُ دَرَجَٰتٖ مَّن نَّشَآءُۗ إِنَّ رَبَّكَ حَكِيمٌ عَلِيمٞ ٨٣

**83. Гьал церехун ругел аятазда жаниб бицараб жо буго Дир хlужа ва далил, Дун цо вукlин лъазе бокьарав чиясе. Дица гьал хlужаби кьуна Ибрагьим** عَلَيْهِ السَّلَامُ **аварагасухъе жиндир къавмалда тlад гьесул авараглъи билъанхъизе ва жиндие**

**гьел мутlигlлъизе. Дица дие бокьарав чиясул даража-макъам эхеде борхизе гьабула. Хlакълъунго, Мухlаммад ﷺ, дур Бетlергьан Аллагь ﷻ жинца гьабулеб ишалъулъ хlакимияв вуго ва жинда кинабго жоялъул авалги ахирги лъалев вуго.**

وَوَهَبْنَا لَهُۥٓ إِسْحَـٰقَ وَيَعْقُوبَ ۚ كُلًّا هَدَيْنَا ۚ وَنُوحًا هَدَيْنَا مِن قَبْلُ ۖ وَمِن ذُرِّيَّتِهِۦ دَاوُۥدَ وَسُلَيْمَـٰنَ وَأَيُّوبَ وَيُوسُفَ وَمُوسَىٰ وَهَـٰرُونَ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٨٤﴾

**84. Дица Ибрагьим аварагасе Исхlакъ абун вас кьуна, хадув гьесул вас Ягlкъубги кьуна,** жиндир наслу нахъе хутlизе ва аварагзабилъун рахъун умматалъе тlоритlел букlине. **Гьев кlиявго дица битlараб диналда ва бахьи буголъиялда тlоритlана.** Мушрикаллъун ругеб къавмалдаса ватlалъун Аллагьасе гlибадат гьабизе Ибрагьим авараг ватlаналдаса нахъе араб мехалъ гьавуна гьесие вас, Исхlакъ абун цlар лъурав. Гьеб заманаялъ Ибрагьим лъимер жиндие букlиналдаса хьул къотlун вукlана. Гьав Исхlакъги гьасул лъималги аварагзаби рукlина абун Аллагьас ﷻ жинда рохелги бицана.

**Гьаздасаги цеве дица Нухl аварагги тlовитlун вукlана исламияб диналда. Гьав Нухlил зурияталдаса жив вугев Ибрагьимил зурияталдаса Давуд аварагги, Сулейман аварагги вуго.** Сулейман Давудил вас вуго. Гьав кlиявго жидее ханлъиги авараглъиги кьураздасан рукlана. **Аюб авараг, Юсуп аварагги вуго.** Гьав кlиявго Аллагьас цадахъ рехсана жидер хlалбихьи гьабурал рукlун унти тlаде биччан ва туснахъалъув тlамун. **Муса ва Гьарунги руго.** Гьав кlиявго вацал руго ва Муса Аллагь жинда кlалъарав Калимуллагь вуго. **Дица гьадинаб лъикlаб, берцинаб жазаъ гьабула жидеца иман лъун лъикlаб гlамал гьабун хьвадарал дир лагъзадерие.**

وَزَكَرِيَّا وَيَحْيَىٰ وَعِيسَىٰ وَإِلْيَاسَ ۖ كُلٌّ مِّنَ ٱلصَّـٰلِحِينَ ﴿٨٥﴾

**85. Закария, Яхlя, Гlиса, Ильяс аварагзабиги руго.** Гьалункъалго Аллагьас цадахъ рехсана жал дунял теялда тlад чlарал зугьду ва варагl гlемерал рукlун. **Гьав ункъавго авараг цlакъ камилаб хlалалъ лъикlаб гlамал гьабулездасан рукlана.**

وَإِسْمَـٰعِيلَ وَٱلْيَسَعَ وَيُونُسَ وَلُوطًا ۚ وَكُلًّا فَضَّلْنَا عَلَى ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴿٨٦﴾

**86. Исмагlил, Алясагl, Юнус ва Лутl аварагзабиги руго.** Исмагlил авараг гlарабиязул эмен вуго, Ибрагьим аварагасул васги вуго, жинца эменгун цадахъ Кагlба рукъ барав. Лутl авараг Ибрагьимил вацасул

вас вуго. **Гьал киналго аваргзаби дица хира гьаруна ва тlокl гьаруна цогидаб кинабго гlаламалдаса:** жидее авараглъи кьун, жидер къавмаздаса тlокl гьаруна, щивав аварag щибаб заманаялъ.

**87. Гьал хириял аваргзабазул умумуздаса, гьазул хъизаналдаса, вацал-яцаздаса Дица гlемерал гlадамал исламияб диналде тlоритlана. Дица гьел гlадамал лъикlлъи гьабулел рукlун тlаса рищана ва битlараб диналъул нухалдаги тlоритlана.**

وَمِنْ ءَابَآئِهِمْ وَذُرِّيَّٰتِهِمْ وَإِخْوَٰنِهِمْ ۖ وَٱجْتَبَيْنَٰهُمْ وَهَدَيْنَٰهُمْ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٨٧﴾

**88. Гьаб буго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан бугеб хlакъаб тlоритlел. Аллагьас жиндие бокьарав чи тlовитlула гьаб нухда. Гьал хириял аваргзабаца ва Дица тlаса рищарал лъикlал муъминзабацаги дидехун ширк гьабун букlарабани, гьазул гьабураб кинабго гlамал гlадада холаан.**

ذَٰلِكَ هُدَى ٱللَّهِ يَهْدِى بِهِۦ مَن يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦ ۚ وَلَوْ أَشْرَكُوا۟ لَحَبِطَ عَنْهُم مَّا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٨٨﴾

Ширк гьабиялъ гьал хириял чагlазул гlамал гlадада хвезабураб мехалъ, цогидазул гlамал гlадада хвезаби цlакъго лъикl лъалеб жо буго.

**89. Гьал цере рехсарал аваргзаби руго дица жидее авараглъи кьурал, гьезухъе тlехьги ва гlелму-лъайги кьурал, жидеца къавмал диналде ахlизе. Дица гьал аваргзабазе кьураб жоялда Маккаялъул мушриказ ва цогидал дур заманалъул къавмаз инкар ккуниги, гьел аваргзабаздаса ва гьезухъе кьурал тlахьаздаса мунпагlат босизе дица цоги къавм вакил гьабун буго, гьаб диналде инкар кколареб.**

أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ ءَاتَيْنَٰهُمُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحُكْمَ وَٱلنُّبُوَّةَ ۚ فَإِن يَكْفُرْ بِهَا هَٰٓؤُلَآءِ فَقَدْ وَكَّلْنَا بِهَا قَوْمًا لَّيْسُوا۟ بِهَا بِكَٰفِرِينَ ﴿٨٩﴾

Гьеб къавмги мугьажиралги ансаралги руго ва къиямасеб къо чlезегlан битlараб нухда хьвадулел муъминзабиги руго.

**90. Гьал аваргзаби руго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **тlоритlарал ва жидеца гьесул нухда умматалги тlоритlулел. Гьазул нухда хьваде ва гьазда нахърилълъа Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи бокьарал муъминзаби!**

أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ هَدَى ٱللَّهُ ۖ فَبِهُدَىٰهُمُ ٱقْتَدِهْ ۗ قُل لَّآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا ۖ إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرَىٰ لِلْعَٰلَمِينَ ﴿٩٠﴾

**Дуца абе, Мухlаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьаб Къуръан буго кинабго гlалам битlараб нухда тlобитlизе Аллагьас рещтlинабураб тlехь ва дица**

**гьаб Къуръан нужехъе щвезабиялде данде щибго ужра-мухьги гьарулеб гьеч1о.**

وَمَا قَدَرُوا اللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِ إِذْ قَالُوا مَا أَنزَلَ اللَّهُ
عَلَىٰ بَشَرٍ مِّن شَيْءٍ قُلْ مَنْ أَنزَلَ الْكِتَابَ
الَّذِي جَاءَ بِهِ مُوسَىٰ نُورًا وَهُدًى لِّلنَّاسِ
تَجْعَلُونَهُ قَرَاطِيسَ تُبْدُونَهَا وَتُخْفُونَ كَثِيرًا
وَعُلِّمْتُم مَّا لَمْ تَعْلَمُوا أَنتُمْ وَلَا آبَاؤُكُمْ قُلِ
اللَّهُ ثُمَّ ذَرْهُمْ فِي خَوْضِهِمْ يَلْعَبُونَ ﴿٩١﴾

**91. Капураб къавмалъ т1адег1анав Аллагьасул къадру гьабич1о ва жидеда гьесул к1одолъи-гьунарги лъач1о, гьез абидалго Аллагьас ﷻ цониги чиясде щибго жо рещт1инабич1ин абун.**

Гьаб раг1и абуна Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда ва гьесде рещт1ине гьабураб Къуръаналда инкар ккурал ягьудияз.

**Дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ, щивха вугев Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасде Таврат рещт1инабурав, жинца бануисраилал т1орит1улеб нурлъун жиб бук1араб. Гьеб Таврат нужеца бат1и-бат1иял кагътазда хъван бикь-бикьун буго ва гьелдаса нужее бокьараб жо г1адамазда бицунеб буго, нужее бицине бокьич1еб жо бахчулебги буго. Ва нужеца жиб бахчулеб жоги г1емер буго загьир гьабулелдаса. Нужеда гьеб Къуръаналдаса г1емераб жо лъана нужер диналъул амруялъулъ, нужеда лъалеб бук1инч1еб ва нужер умумуздаги лъалеб бук1инч1еб.**

**Дуца цогиги гьал ягьудиязда абе, Мух1аммад ﷺ; «гьаб Къуръанги жинца Муса аварагасда Таврат рещт1инабурав Аллагьас рещт1изабуна»-абун. Цинги дуца гьел ягьудиял жидерго бат1улаб жоялда те. Аллагьас ﷻ гьабила гьезие жазаъ.** Гьаб аяталъул тафсир гьабулел г1алимзаби чанго бат1ияб раг1и бицун хилиплъун руго. Дица цо гьоркьосеб маг1на хъван тана.

وَهَٰذَا كِتَابٌ أَنزَلْنَاهُ مُبَارَكٌ مُّصَدِّقُ الَّذِي
بَيْنَ يَدَيْهِ وَلِتُنذِرَ أُمَّ الْقُرَىٰ وَمَنْ حَوْلَهَا
وَالَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ يُؤْمِنُونَ بِهِ وَهُمْ عَلَىٰ
صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُونَ ﴿٩٢﴾

**92. Дица Мух1аммад ﷺ аварагасда рещт1инабураб гьаб Къуръанги жиндир баракат г1емераб т1ехь буго. Жинда церехун ругел т1ахьал жинца рит1ухъ гьарулебги буго.**

Инжил, Таврат, Забур ва цогидалги т1ахьал.

**Дуца гьеб Къуръаналдалъун Маккаялъул агьлуялъе ва гьелда сверухъ ругел цогидал къавмазеги,** хадуб кинабго г1аламалъеги, г1адамал рук1а, женал рук1а **х1инкъи кьезе рещт1инабураб буго, Мух1аммад ﷺ.**

**Къиямасеб къоялда иман лъолел г1адамал жидеца гьаб Къуръаналдаги иман лъолел руго. Ва гьел муъминзаби жидеца**

**паризаял какал гlужда раялда ва камилго раялда тlад чlаралги руго.**

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوْ قَالَ
أُوحِيَ إِلَيَّ وَلَمْ يُوحَ إِلَيْهِ شَيْءٌ وَمَن قَالَ
سَأُنزِلُ مِثْلَ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ ۗ وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلظَّٰلِمُونَ
فِي غَمَرَٰتِ ٱلْمَوْتِ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ بَاسِطُوٓا۟ أَيْدِيهِمْ
أَخْرِجُوٓا۟ أَنفُسَكُمُ ۖ ٱلْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ ٱلْهُونِ
بِمَا كُنتُمْ تَقُولُونَ عَلَى ٱللَّهِ غَيْرَ ٱلْحَقِّ وَكُنتُمْ
عَنْ ءَايَٰتِهِۦ تَسْتَكْبِرُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Аллагьасде** ﷻ **гlунтlизабун гьереси бицунев чиясдаса зулму цlикlкlарав чи щивха вукlинев?** Гьесие шарик вуго абун, гьесда ващадав цоги Аллагь вуго абун. Яги Аллагьас жив авараглъун витlана, **жинде вахlюги гьабунин абулев чиясдасаги, жинде щибго жо вахlюги гьабичlого букlун. Яги дицаги рещтlинабила Аллагьас** ﷻ **рещтlинабураб Къуръаналда релълъараб жоян абулев чиясдасанги.** Гьечlо гьездасан зулму кlудияв чи. **Дуда гьал гlадамал рихьизе рукlаралани, Мухlаммад** ﷺ, **жидеде тlаде хвалил мехтел бачlун чlвачlвадулел,** дуда цlакъ захlматаб амру бихьилаан. **Гlазабалъул малаикзабиги ругеб хlалалъ гьезул гьурмазда ва мугъазда кьабулел ва абулел: «Хехго къватlире рахъинаре нужер рухlал. Жакъа нужее цlакъ хlакъир гьарулеб гlазаб гьабизе буго нужеца Аллагьасул** ﷻ **хlакъалъулъ гьереси бицунеб букlиналда данде ва Къуръаналда иман лъезеги чlухlун рукlиналда данде.** Аллагьасул мугlжизатазул пикру гьабичlого гlамал кlодолъи гьабиялде дандеги» **- абун.**

وَلَقَدْ جِئْتُمُونَا فُرَٰدَىٰ كَمَا خَلَقْنَٰكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ
وَتَرَكْتُم مَّا خَوَّلْنَٰكُمْ وَرَآءَ ظُهُورِكُمْ ۖ وَمَا
نَرَىٰ مَعَكُمْ شُفَعَآءَكُمُ ٱلَّذِينَ زَعَمْتُمْ أَنَّهُمْ
فِيكُمْ شُرَكَٰٓؤُا۟ ۚ لَقَد تَّقَطَّعَ بَيْنَكُمْ وَضَلَّ
عَنكُم مَّا كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٩٤﴾

94. Ахираталда халкъ тlаде бахъизабун Аллагьасда цебе чlезабидал, гьеб халкъалда абула: **Нуж дихъе рачlана гурищ щивав чи живго жинда, дица тlоцере дунялалда нуж рижараб хlалалъ:** нужер хъизаналдаса, боцlиялдаса ратlалъун, тlад ретlел-хьит гьечlого. **Дица дунялалда кьун букlараб бечелъиги мугъазде нахъе рехун тана гурищ нужеца?** Жакъа гьаб захlматаб къоялъ щибго жоялъ нужее мунпагlат гьабулеб гьечlо гурищ?

**Нужгун цадахъ дида рихьулел гьечlо дунялалда нужеца дидехун ширк гьабун алагьзабилъун ккун рукlарал нужер шапагlатчагlиги. Нужеда гьоркьоб букlараб кинабго бухьенги къотl-къотlун ана. Нужедаса рикlкlалъана нужер шапагlатчагlи ва алагьзаби абун**

**рук1арал киналго бат1улал, гьересиял гьудулзаби.**

۞ إِنَّ ٱللَّهَ فَالِقُ ٱلْحَبِّ وَٱلنَّوَىٰ ۖ يُخْرِجُ ٱلْحَىَّ مِنَ ٱلْمَيِّتِ وَمُخْرِجُ ٱلْمَيِّتِ مِنَ ٱلْحَىِّ ۚ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٩٥﴾

**95. Х1акълъунго Аллагь ﷻ ракьулъе рехараб мугь хъвалхьизабун, гьелдасан хур бижинабулев вуго, гьединго пихъил гага хъвалхьинабун гъвет1 бижинабулевги вуго. Бакъвараб гагаялдаса г1ат1гояб, ч1агояб гъвет1-хер бижизабулевги вуго Аллагь ﷻ ва гьеб ч1агояб гъвет1-хералдаса бакъвараб мугь ва гага бахъизабулевги вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну Г1аббасица абуна: «Жинца капурчиясдаса муъминчи гьавулев вуго Аллагь ва муъминчиясдаса капурчи гьавулевги вуго»-абун. **Гьав вуго нижер Бет1ергьан Аллагь ﷻ**, жинца кинабго жо бижунев, гьелъул тадбир гьабулев, жинца ризкъи кьолев. **Гьав Аллагьги тун нуж цоги щиб жоялдеха руссунел ругел?**

فَالِقُ ٱلْإِصْبَاحِ وَجَعَلَ ٱلَّيْلَ سَكَنًا وَٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ حُسْبَانًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ ٱلْعَزِيزِ ٱلْعَلِيمِ ﴿٩٦﴾

**96. Бец1аб сордо хъвалхьун рогьалил канлъи баккизе гьабулев вуго Аллагьﷻ. Инсан жиндилъ х1алхьолевлъун сордоги гьабурав. Бакъ-моц1ги гьабурав жидедалъун къоял, моц1ал, сонал рик1к1унеллъун ва жидер хьвади ц1акъ мух1канал. Гьаб кинабго жо буго жив гучав, жинда лагъзадерил маслих1атал лъалев Аллагьасул х1укму-къадаралдалъун г1уц1ун бугеб зобал-ракьазул хьвади.**

وَهُوَ ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلنُّجُومَ لِتَهْتَدُوا۟ بِهَا فِى ظُلُمَٰتِ ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿٩٧﴾

**97. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер Бет1ергьан; жинца нужее ц1ваби гьарурав, гьезул кумекалдалъун нужее ракъдада ва ралъдалълъ бец1аб сардилъ нух лъалеблъун рук1ине. Гьедин дица г1аламатал баян гьарула жо лъалел ва бич1ч1унел г1адамазе, гьелдалъун жидеда дир къудрат лъазе.**

وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَنشَأَكُم مِّن نَّفْسٍ وَٰحِدَةٍ فَمُسْتَقَرٌّ وَمُسْتَوْدَعٌ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يَفْقَهُونَ ﴿٩٨﴾

**98. Цох1о напсалдаса нуж рижин байбихьарав Аллагь ﷻ вуго нужер Бет1ергьан.**

Аллагьасул салам лъеяв адам аварагасдаса байбихьана ракьалда бугеб кинабго халкъ бижи. **Цинги хадур нуж бихьиназул гьодидаса ва руччабазул лъимадул рукъалдаса мани данделъун рижуна.** Цоги маг1на гьабуна. Цинги хадур нуж ракьалда т1ад г1умру гьабун рук1уна ва

ракьул чохьонир хунги рукlуна абун. **Гьедин дица дир хlикматал баян гьарула жидеда жо бичlчlулел гlадамазе,** жидеца пикру гьабизе кин Аллагьас ﷻ инсан вижарав абун.

وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجْنَا
بِهِۦ نَبَاتَ كُلِّ شَىْءٍ فَأَخْرَجْنَا مِنْهُ خَضِرًا
نُّخْرِجُ مِنْهُ حَبًّا مُّتَرَاكِبًا وَمِنَ ٱلنَّخْلِ مِن
طَلْعِهَا قِنْوَانٌ دَانِيَةٌ وَجَنَّٰتٍ مِّنْ أَعْنَابٍ
وَٱلزَّيْتُونَ وَٱلرُّمَّانَ مُشْتَبِهًا وَغَيْرَ مُتَشَٰبِهٍ
ٱنظُرُوٓا۟ إِلَىٰ ثَمَرِهِۦٓ إِذَآ أَثْمَرَ وَيَنْعِهِۦٓ إِنَّ فِى
ذَٰلِكُمْ لَءَايَٰتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٩٩﴾

**99. Жинца зодисан лъим рещтlинабурав вуго Бетlергьан Аллагь ﷻ, гьеб лъималдалъун дица кинабго херги бижизе гьабуна,** ах-хурги, батlи-батlиял тlагlамал ва пихъалги рижизаруна. **Гlурччинаб, гlатlгояб хералда тlад тlор бижинабуна, жинда жаниб тlатlала рекlун гlемерал мугьал рукlунеб. Чамастакил гъветlалъул тlегь бортун хадуб чамастак бижизабуна, жиб гlемераб ва нужее бетlизе, бакlаризе бигьаяб хlалалъ. Гьединго гьеб лъималдалъун цlибилалъул, зайтуналъул, соноялъул (граната) ахалги рижизаруна Цоцада релъарал пихъал рижана ва цо-цадаса батlиял пихъалги рижана тlагlам, кьер, махl батlиял.** Гьаб кинабго жо гьадин бижиналъ тlоритlел гьабулеб буго гьаб бижинабурав Халикъ гlакъилав, хlалкlолев, жиндир ихтияр камилав вукlиналда.

**Нуж балагье гьел пихъазда бижизе байбихьаралдаса барщун кваналеб лъугьинегlан чан батlияб хlалалъ хисулеб хал гьабе.** Ва гьезул пикру гьабун Аллагьасул хlалкlолъиялда тlоритlел гьабе. **Гьаб жо бижиналда жанир цlакъ кlудиял гlаламатал ва хlужа-далил буго Аллагь ﷻ цо вукlиналде тlоритlел гьабулел, гьесде иман лъураб къавмалъе.**

وَجَعَلُوا۟ لِلَّهِ شُرَكَآءَ ٱلْجِنَّ وَخَلَقَهُمْ ۖ وَخَرَقُوا۟
لَهُۥ بَنِينَ وَبَنَٰتٍۭ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۚ سُبْحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا
يَصِفُونَ ﴿١٠٠﴾

**100. Гьеб капураб къавмалъ Аллагьасе ﷻ гlахьалчагlилъун жундул гьаруна, гьелги Аллагьас рижарал рукlаго. Гьединго жидеца Аллагьасе васал ва ясал руго абуна, щибго жидеда лъалеб жоги гьечlого. Аллагь ﷻ цlакъ вацlцlадав ва тlадегlанав вуго мушриказ жиндие гьарулел мукъсанал сипатаздаса.**

بَدِيعُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ أَنَّىٰ يَكُونُ لَهُۥ وَلَدٌ
وَلَمْ تَكُن لَّهُۥ صَٰحِبَةٌ ۖ وَخَلَقَ كُلَّ شَىْءٍ ۖ وَهُوَ
بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿١٠١﴾

**101. Щибго мисал сурат гьечlого ва жинда релълъараб жо гьечlого буклун хадуб жинца зобал ракьал ратизарурав вуго Аллагь ﷻ. Бетlергьан**

**Аллагьасе лъимер кин букlунеб, жиндир чlужуги йикlунарев, хъизан-лъималаздеги хlажатав гьечlев. Кинабго махлукъатги Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **бижараб буго** ва кинабго халкъги гьесул лагъзал руго. Аллагьас бижараб ва гьесул лагълъун бугеб жо гьесул лъималлъун рукlунаро. **Хlакълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда кинабго жо лъалев вуго.**

ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ خَٰلِقُ كُلِّ شَيْءٍ فَٱعْبُدُوهُ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ وَكِيلٌ ﴿١٠٢﴾

**102. Гьадин жив цогояв, жив гурев цоги гьечlев, жинца кинабго жо бижулев, гьелъул тадбир гьабулев ва гьелъие ризкъи кьолев, ахир къоялъулги жинца тадбир гьабулев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго нужер Бетlергьан. Гьав Аллагьасе гьабе нужеца лагълъи. Гьев Аллагь вуго кинабго жо жинца гьабулев, гьеб цlунулев ва хьвадизабулев.** Гьев Аллагьасда таваккал тlамун рукlа ва гьесие лагълъи гьабун, гьев разилъи тlалаб гьабунги хьваде.

لَّا تُدْرِكُهُ ٱلْأَبْصَٰرُ وَهُوَ يُدْرِكُ ٱلْأَبْصَٰرَ وَهُوَ ٱللَّطِيفُ ٱلْخَبِيرُ ﴿١٠٣﴾

**103. Гlадамазул beралда жив вихьуларев, гьезул пикру хадуб гъоларев, амма жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев вуго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**. Жиндир лагъзадерида гурхlулев, гьезие маслихlатаб жо жинда лъалев вуго гьав Бетlергьан Аллагь.**
Ибнукасирица абуна: дунялалда Аллагь гlадамазул beралда вихьуларев вукlиналъ ахираталда гьев муъминзабазда вихьи нахъчlваларо. Жиндие бокьараб хlалалда загьирлъила Аллагь جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазе-абун.

قَدْ جَآءَكُم بَصَآئِرُ مِن رَّبِّكُمْ ۖ فَمَنْ أَبْصَرَ فَلِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَنْ عَمِىَ فَعَلَيْهَا ۚ وَمَآ أَنَا۠ عَلَيْكُم بِحَفِيظٍ ﴿١٠٤﴾

**104. Нужехъе Бетlергьан Аллагьасул рахъалъан хlакъал хlужаби жанир ругеб Къуръан бачlана.**
Гьелдалъун нужее хlакъабги батlулабги жо батlа гьабизе лъалеб, къосинги битlараб нухги бихьулеб. **Гьелдалъун хlакъаб жо бихьарав чиясе жиндирго напсалъе бугеб лъикlлъи ва тlовитlи буго. Гьеб бихьичlого бецавлъун хьвадарав чиясе гьелъул заралги къварилъиги жиндиего буго. Дун гьечlо нужер гlамалал цlунулев чи ва нужеда тlад тарав хъаравул.** Дида тlадаб жо буго нужеда хlакъаб жо бицин ва нуж Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялде, гьесие гlибадат гьабиялде ахlи.

وَكَذَٰلِكَ نُصَرِّفُ ٱلْءَايَٰتِ وَلِيَقُولُوا۟ دَرَسْتَ وَلِنُبَيِّنَهُۥ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿١٠٥﴾

**105. Гьадин баян гьарула дица дир лагъзадерие шаргlиял нухал ва гlелмиял хlужаби. Мушрикаца дудаги**

**абила Мухlаммад ﷺ, гьеб дуца бицунеб жо цересел умматазул тlахьаздасан цlалун ва лъазабун бицунеб жо бугин абун. хlакъаб жоялде гlенеккулел, гьелда нахърилълъунел гlадамазе дица гьаб хlукму баян гьабула:** ай жидеца иман лъурал муъминзабазда гьаб кинабго жо битlун бичlчlуна ва гьеб къабул гьабун гьез Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабула, гьесде ахlиги хьул лъейги жегиги цlикlкlула.

Амма мушриказ щибаб хlужа-далил бачlанщинахъе гьелда данде бицине, гьелда инкар кквезе нухал ралагьула ва гьезул къосин жегиги кlодолъула, гьелдалъун ахираталда букlунеб гlазабги гlемерлъула.

أَتَّبِعْ مَآ أُوحِىَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ ۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ وَأَعْرِضْ عَنِ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿١٠٦﴾

**106. Мун нахъвилълъа, Мухlаммад ﷺ, дур бетlергьан Аллагьас дуда вахlю гьабураб жоялда. Гьев Аллагь ﷻ гурев жиндие лагълъи гьабизе бегьулев щивго гьечlо. Дуца мушрикал жалго те ва гьез бицунеб жоялъул кlвар гьабуге.**

Гьезул хlукму Аллагьас дуе хадуб баян гьабила. Мун тlад чlа гьесие гlибадат гьабиялда.

وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَآ أَشْرَكُوا۟ ۗ وَمَا جَعَلْنَٰكَ عَلَيْهِمْ حَفِيظًا ۖ وَمَآ أَنتَ عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ﴿١٠٧﴾

**107. Тlадегlанав Аллагьасе бокьун букlарабани жидеца ширк гьабилароан.**

Ва гьелги битlараб нухда тlоритlараллъун рукlинаан. Кинниги Аллагьас ﷻ жиндие бокьараб хlукму гьабула. **Дица мун гьезда тlад тарав хъаравуллъун гьавичlо ва мун гьезул умурал тlуралев вакилги гьечlо.** Дуда кlоларо гьел мушриказда иман лъезабизе, дуда тlадаб жо гьечlо гьезухъе хlакъаб дин щвезаби гурони.

وَلَا تَسُبُّوا۟ ٱلَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ فَيَسُبُّوا۟ ٱللَّهَ عَدْوًۢا بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ كَذَٰلِكَ زَيَّنَّا لِكُلِّ أُمَّةٍ عَمَلَهُمْ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّهِم مَّرْجِعُهُمْ فَيُنَبِّئُهُم بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٠٨﴾

**108. Нужеца мушриказ жидее гlибадат гьабулел хъанчазда ва цогидал гьересиял алагьзабазда рогьоб баге, я гьал муъминзаби! Нужеца гьезда рогьоб бараб мехалъ мушриказ Аллагьасдеги рогьоб балеб буго, тущманлъи гьабун, щибго гlилла гьечlого ва жидеда лъалеб жоги гьечlого.**

Жинда аллагь разилъаяв Ибнугlаббасидасан хlадис бицана: «Къурайшиязул куфараз Абутlалибида абуна (Гlали асхlабасул эмен, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе жинца квербакъи гьабулев

вук1арав): гьев Мух1аммадги гьесул асх1абзабиги ч1а абе нижер аллагьзабазда рогьо бач1ого ва гьезда тункулеб, гьел г1одорег1ан гьарулеб хабар бицинч1ого, гурони нижеца гьесул Аллагьасдаги рогьо базе буго ва гьеседа инкар кквезе буго» – абун. Цинги Аллагьас гьаб 108 абилеб аят рещт1инабуна.

**Гьадин дица щибаб умматалъе жидеца гьабулеб г1амал берцин бихьизабула. Ахиратталда гьел киналго диде руссине руго ва жидеца гьабураб гьезда бицине буго, гьелъул жазаъги гьабизе буго.**

Ибнужаририца Ассудий абулев г1алимасдаса бицана:

*«Абут1алиб унтун хвалде г1агарлъараб мехалъ къурайшиязул бут1рул данделъана ва жидеца цоцаздехун абуна: «Рач1а нилъ Абут1алибихъе ине ва гьесда абизе дуца дур вацасул вас ч1езавеян нилъер аллагьзабазда г1айиб ч1ваялдасан. Нилъ нечезе руго Абут1алиб хун хадуб гьев Мух1аммад ч1вазе. Г1адамаз абизе бугелъул Абут1алиб ч1аго вугеб мехалъ х1инкъунги рук1ун, гьев хвараб мехалъ ч1вана нилъеца Мух1аммад абун».*

*Цинги киналго гьеб г1акълуялда рекъон Мут1алиб абулев чи вит1ана Абут1алибихъе гьесухъе рач1ине изну т1алаб гьабун. Абут1алибица изну къун гьесде т1аде лъугьана ва жидер мурад бицана. Къурайшиязул бут1руз абуна: «Я Абут1алиб! Мун нижер к1удияв вуго ва нижеца х1урмат гьабулев щайихги вуго. Гьав дур вацасул васас нижер Аллагьзаби толел гьеч1о хъулухъ гьеч1еб хабар бицун. Дуца нижеда цеве ах1ун гьеб г1амал гьабугеян лъазабе Мух1аммадида. Жинца нижги нижер аллагьзабиги тани, нижеца гьевги гьесул Аллагьги тела» – абун.*

*Цинги Абут1алибица ах1ун, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вач1ана. Жив ах1иялъе бугеб сабаб бицун хадуб аварагас* ﷺ *абуна: «Нуж лъик1 ургъун, пикру гьабун, дие жаваб кье: дица нужеца т1алаб гьабулеб жо гьабуни нужеца дие цо раг1и абизе къот1и гьабулищ, гьеб раг1иялдалъун нуж киналго г1арабиязул ханзабилъун лъугьунеб, кинабго г1ажамияб халкъги нужее мут1иг1лъулеб ва нужее магъало къун гьел халкъалги х1елулеб» – абун. Абужагьлица абуна: «Дур инсул ц1аралдалъун гьедула дун гьеб дуца абураб раг1и абизе ва цоги гьелда релъараб анц1го т1адеги абизе къот1и гьабула нижеца. Щиб раг1и гьеб бугеб?» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужеца абе «Лаилагьа иллаллагь» абун». Цинги гьел къурайшиязул ццим бахъана ва гьеб раг1и абиялдаса инкар гьабуна.*

*Абут1алибица абуна: «Я дир вацасул вас! Дуца гьездаса цоги жо т1алаб гьабе, гьаб дур къавм ц1акъ х1инкъана дуца абураб*

*раг1иялдаса» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я дир инсул вац! Дица цоги бат1ияб раг1и гьезда абиларо зодисан босун бакъ жидеца дир хъатиниб лъезег1ан. Гьедин жидеца дир хъатиниб бакъ лъуниги, гьеб гуреб бат1ияб раг1и дица абиларо» - абун. Гьеб раг1и жинца абуна т1убанго къурайшиязул хьул къот1ун бук1ине жив Аллагь ﷻ цо гьавилъун бугеб х1акъаб диналдаса вуссун гут1иялда. Цинги къурайшиял гьесда ц1акъ ццим бахъун т1аде рахъана ва гьез абуна: «Я дуца нижер алагьзабазде рогьоб бай тела, яги нижеца дудаги дуда амру гьабулесдаги (Аллагьасда) рогьоб бала»* – абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго: *«Аллагьасул ццим бахъарав чи вуго жинца эбел-инсуде рогьоб балев чи» – абун. Асх1абзабаца абуна: «Я расулуллагь ﷺ! Кин цо чияс жиндирго эбел-инсуда рогьоб балеб?» – абун. Ааварагас ﷺ абуна: «Гьав чияс цоги чиясул эбел-инсуда рогьоб бала, цинги дов чияс гьасул эбел-инсудаги рогьоб бала»* - абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьаб хирияб аяталда жаниб ва гьелда сверухъ аварагас бицараб хабаралда жанибги г1акълу бугел г1адамазе г1ибрат босизе лъик1аб ваг1за-насихlат буго.

وَأَقْسَمُوا۟ بِٱللَّهِ جَهْدَ أَيْمَٰنِهِمْ لَئِن جَآءَتْهُمْ
ءَايَةٌ لَّيُؤْمِنُنَّ بِهَا ۚ قُلْ إِنَّمَا ٱلْـَٔايَٰتُ عِندَ ٱللَّهِ ۖ
وَمَا يُشْعِرُكُمْ أَنَّهَآ إِذَا جَآءَتْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٠٩﴾

**109. Гьал маккаялъул капурзаби ц1акъ къвак1арал гьаял гьедун жидеца къот1и гьабулел рук1ана жидехье цо муг1жизат бач1ани, яги цо жидеца т1алаб гьабураб г1адатияб гуреб жо лъугьани жидеца гьелда иман лъезе бугин абун. Дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ гьел муг1жизатал Аллагьасул амруялда руго ва жиндие бокьараб мехалъ загьир гьарула. Гьал мушриказул х1ал нужеда лъаларо, я гьал муъминзаби. Гьезухье муг1жизатал рач1аниги гьел жидеца рит1ухъ гьаруларо ва гьезда иман лъоларо.**

وَنُقَلِّبُ أَفْـِٔدَتَهُمْ وَأَبْصَٰرَهُمْ كَمَا لَمْ
يُؤْمِنُوا۟ بِهِۦٓ أَوَّلَ مَرَّةٍ وَنَذَرُهُمْ فِى
طُغْيَٰنِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١١٠﴾

**110. Дица гьел г1адамазул рак1ал ва берал дие бокьараб жоялде сверизарула.** Гьезул иман лъолев иманалде вачуна, иман лъоларев жиндирго къосиналда тола. **Жидехье гьаб Къуръан бач1ун хадуги гьелда иман лъеч1ел г1адамал дица жидерго къосиналда жанир тела щибго лъаларел г1абдалзаби г1адин:** унеб бак1ги лъаларого, гьабулеб жоги лъаларого свердулел рук1ина, ахираталда

жужахlалдеги лъугьинарила.

۞ وَلَوْ أَنَّنَا نَزَّلْنَآ إِلَيْهِمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ
وَكَلَّمَهُمُ ٱلْمَوْتَىٰ وَحَشَرْنَا عَلَيْهِمْ كُلَّ
شَىْءٍ قُبُلًا مَّا كَانُوا۟ لِيُؤْمِنُوٓا۟ إِلَّآ أَن يَشَآءَ
ٱللَّهُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ يَجْهَلُونَ ١١١

**111. Дица гьал Мухlаммадиде** ﷺ **ва Къуръаналде инкар кколел гlадамазде зодиса малаикзаби рещтlинарун рукlаралани ва гьезда хварал чагlи кlалъан рукlараланиги, ва дица кинабго махлукъ данде бакlарун гьезда ццебе чlезабуниги жидеца иман лъолеллъун гьечlо гьеб къавм, Аллагьасе бокьун гьес иманалда вачарав чи гурони. Гьеб къавмалъул гlемерисел жидеда щибго жо лъаларел ва бичlчlунарел руго.**

Гьезда ракlалде кколеб буго жидее бокьараб мехалъ иман лъелин жидеца абун, ва амма жидеда лъалеб гьечlо иман лъейги инкар кквейги ва цогидаб кинабго жоги Аллагьасул ихтиялалда букlин, гьес тlовитlарав гурев тlовитlун кколареблъи, гьес чlового хутlизавурав чlового хутlулеблъиги. Маккаялъул мушриказ дуде тущманлъи гьабулеб букlиналда дуца сабру гьабе Мухlаммад ﷺ.

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِىٍّ عَدُوًّا
شَيَٰطِينَ ٱلْإِنسِ وَٱلْجِنِّ يُوحِى بَعْضُهُمْ
إِلَىٰ بَعْضٍ زُخْرُفَ ٱلْقَوْلِ غُرُورًا ۚ وَلَوْ شَآءَ
رَبُّكَ مَا فَعَلُوهُ ۖ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُونَ ١١٢

**112. Гьединго дица щивав аварагасде данде вахъунев цо-цо тущман гьавуна гlадамазул щайтlан вукlунги, жундузул щайтlан вукlунги. Гьел щайтlабаз цоцаде вахlю гьабула гlадамал къосинари мурадалда берцинал рагlаби ва жидер махщел цоцазе бикьула. Тlадегlанав Аллагьасе бокьун букlарабани гьел щайтlабазда кlолароан аварагзабазе зарал гьабизе. Аллагьас жиндир хlикматалда рекъон гьел аварагзабазул хlалбихьи гьабизе биччараб буго жидеда тlаде гьал тущбабазул къварилъаби. Дуца гьел къурайшиязул мушрикал те, Мухlаммад** ﷺ**, ва гьез дуе гьарулел хlиллаби ва макрабиги те.**

Аллагь вуго мун цlунулев ва гьезда тlад бергьине дуе квербакъулевги.

وَلِتَصْغَىٰٓ إِلَيْهِ أَفْـِٔدَةُ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْـَٔاخِرَةِ
وَلِيَرْضَوْهُ وَلِيَقْتَرِفُوا۟ مَا هُم مُّقْتَرِفُونَ ١١٣

113. Жидеца гьел берцинал гьерсал рицунел руго: **Аллагьасда ва ахираталда иман лъечlел гlадамал гlенеккизе ва гьезул ракlал жидедехун гьетlизе ва гьел аварагасда нахърилълъиналдаса руссинаризе. Цинги гьезда ва гьез гьабулеб мекъаб пишаялда**

**гьел капурал гlадамал разилъизе. Ва жидер Аллагь разилъуларел гlамалал ва мунагьал гьариялда гьелги хьвадизе.**

أَفَغَيْرَ ٱللَّهِ أَبْتَغِي حَكَمًا وَهُوَ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ
إِلَيْكُمُ ٱلْكِتَٰبَ مُفَصَّلًا ۚ وَٱلَّذِينَ
ءَاتَيْنَٰهُمُ ٱلْكِتَٰبَ يَعْلَمُونَ أَنَّهُۥ مُنَزَّلٌ مِّن
رَّبِّكَ بِٱلْحَقِّ ۖ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْمُمْتَرِينَ ﴿١١٤﴾

**114. Дуца гьел мушриказда абе, Мухlаммад ﷺ, дица Аллагьги живго тун цоги чийищха цlехелев нужедаги дидаги гьоркьоб хlукму гьабизе? Хlакълъунго Аллагь вуго нужеда Къуръан рещтlинабурав, гьелда жаниб кинабго жоги баян гьабун:**
хlакъаб ва батlулаб жо баян гьабун буго, къосинги ва тlоритlелги баян гьабун буго. **Дица жидехъе тlехь кьурал ягьудиязда ва насраниязда лъала гьеб Къуръан дур Бетlергьанас рещтlинабураб хlакъаб тlехь букlин. Мун щакдарулездаса вукlунге Мухlаммад ﷺ.** Ва мушриказ бицунеб жоялъ дур иман загlип гьабуге.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг щакдарулев, яги иман загlиплъулев гьечlо, гьаб буго умматалъе насихlат гьабун абураб рагlи. Гьаб аят рещтlинабиялъе сабаб бицана: къурайшиязул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «Дуца ягьудиязул яги насраниязул гlалимчи гьаве хlакимлъун жинца нилъеда гьоркьоб хlукму гьабизе жидехъ бугеб тlехьалдалъун ва нилъеда бицине дур хlакъалъулъ гьениб хъван бугеб жо» – абун. Цинги Аллагьас гьаб аят рещтlинабуна (114 аят).

وَتَمَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ صِدْقًا وَعَدْلًا ۚ لَّا مُبَدِّلَ
لِكَلِمَٰتِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿١١٥﴾

**115. Тlадегlанав Аллагьас рещтlинабураб калам тlубана жинца бицунеб жоялъул ритlухъаблъун ва гьабулеб хlукму-къадаралъул гlадилаблъун,** хlукму гьабиялда жаниб щибго зулму гьечlеб. **Гьеб Аллагьасул каламалъе жиб хисизе, жиндир бакlалда букlине мустахlикъаб щибго жо гьечlо.**
Аллагьасул хlукму хисизабулев чи гьечlо, гьесул къадар нахъчlвазе кlолевги гьечlо. **Хlакълъунго Аллагь нужер рагlи рагlулев ва кинабго хlал лъалевги вуго.**

وَإِن تُطِعْ أَكْثَرَ مَن فِي ٱلْأَرْضِ يُضِلُّوكَ عَن
سَبِيلِ ٱللَّهِ ۚ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَإِنْ هُمْ إِلَّا
يَخْرُصُونَ ﴿١١٦﴾

**116. Гьаб ракьалда тlад бугеб халкъалъул гlемерисел гlадамаз гьабулеб жоялда мун нахъвилълъани, Мухlаммад ﷺ, гьез мун хlакъаб нухалдаса къосинавизе**

**вуго. Халкъалъул гlемерисел куфру-ширкалда ругелъул. Гьел гlадамал диналъул амруялъулъ жидерго ракlалде ккарал хиялазда нахърилълъарал руго.**
Жидер умумуз гьабулеб букlараб дин хlакъаб жо бугин абун, гьезда нахърилъун руго. **Гьаб къавм битlараб нухалда гьечlо ва гьереси бицунелги руго.**

إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ مَن يَضِلُّ عَن سَبِيلِهِۦ
وَهُوَ أَعْلَمُ بِٱلْمُهْتَدِينَ ١١٧

**117. Хlакълъунго дур Бетlергьан Аллагь жинда лъалев вуго битlараб нухалдаса къосарав чи.** Гьесие ахираталда квешаб жазаъги букlине буго. **Гьединго дур Бетlергьанасда лъала битlараб исламияб диналда ругел гlадамал.** Ва гьезие ахираталда алжаналъул нигlматал рукlине руго.

فَكُلُوا۟ مِمَّا ذُكِرَ ٱسْمُ ٱللَّهِ عَلَيْهِ
إِن كُنتُم بِـَٔايَٰتِهِۦ مُؤْمِنِينَ ١١٨

**118.** Гьаб аят рещтlине гьабиялъе сабаб бицана. Мушрикаца муъминзабаздехун абуна: «Нужеца абулеб буго нуж ругин Аллагьасда иман лъурал гlадамал, амма нужеца Аллагьас хвезабураб жо кваналеб гьечlо. Гьеб Аллагьас хвезабураб жо кванай лъикlаб буго нужеца хвезабураб жо кванаялдаса» – абун. Цинги тlадегlанав Аллагьас гьаб аят рещтlине гьабуна:
**Нужеца кванай жинда тlад Аллагьасул цlар рехсон шаргlалда рекъон хъураб жо, нуж Аллагьасул Къуръаналда божулеллъун ратани.**

وَمَا لَكُمْ أَلَّا تَأْكُلُوا۟ مِمَّا ذُكِرَ ٱسْمُ ٱللَّهِ
عَلَيْهِ وَقَدْ فَصَّلَ لَكُم مَّا حَرَّمَ عَلَيْكُمْ إِلَّا
مَا ٱضْطُرِرْتُمْ إِلَيْهِ ۗ وَإِنَّ كَثِيرًا لَّيُضِلُّونَ
بِأَهْوَآئِهِم بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ
بِٱلْمُعْتَدِينَ ١١٩

**119. Нужее бугеб жо щиб, Аллагьасул цlарги рехсон хъураб жо кваначlого тезе ккани, Аллагьас нужее баянги гьабун букlаго жиб кванaзе хlалал гьабураб ва хlарам гьабураб жо. Хlалалаб жо щвечlого ракъуца хвеялде ккараб мехалъ хlарамаб жо кванaзе бегьиги баян гьабуна нужее.** Гьел мушриказ бицунеб жоялъ нуж щакдаризаруге.
**Капурзабаца гьезда гlенеккарал гlемерисел гlадамал битlараб нухдаса къосинарула.** Жидер напсазе бокьулеб жо бицун, гьелда хьвади берцин бихьизе гьабун. **Аллагьасул шаргlалда рекъон гьечlого жидее бокьараб жо гьабун хьвадулеллъун гьарула. Хlакълъунго Аллагьасда лъала жиндир шаргlиял нухал хвезарун,**

**гlорхъолъан рорчlун хьвадулел гlадамал.** Гьаб рагlиялда жаниб хlалалаб хlарам гьабун, хlарамаб хlалал гьабун хьвадулел гlадамазе къвакlараб хlалалъ хlинкъи кьей буго.

Арразиабулев гlалимас абуна: гьаб аяталда жаниб нилъее баян гьабун буго Аллагьасул диналда жаниб цо гlадамаз бицараб жоялда нахъвилълъун, гьезул рагlиялда мугъчlван, гlадамазе шаргlияб хlукму бицине хlарамаб букlин. Гlадамаз бицунеб гlемерисеб жо жидерго напсалъе бокьараб жоялда рекъезабун бицунеб букlуна. Жинцаго гlамал гьабизе кканиги, гlадамазе фатва (хlукму) кьезе кканиги шаргlияб далил цlехон, имамзабазул тlахьазда хъван бугеб жоялде валагьун, гьелда нахъвилълъун хьвадизе тlадаб буго. Бицунеб рагlараб щинаб жо битlараб букlунаро: гьабулеб бихьанщинаб жоги шаргlияб нух букlунаро гьеб жо бицунел ва гьабулел гlадамал цlаларал чагlи ругониги ва жидеда гlадамал нахърилълъунел, гьез рикlкlунел чагlи ругониги.

**120. Нужеца загьирго ва балъго гьабулеб, жиб гьабиялдалъун нуж мунагьалъулъ кколеб гlамал гьаби те. Жидеца мунагьал гьарулел, Аллагьасдаса хlинкъуларел гlадамазе ахираталда жужахlалъул гlазаб гьабизе буго.**

وَذَرُواْ ظَٰهِرَ ٱلۡإِثۡمِ وَبَاطِنَهُۥٓۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ
يَكۡسِبُونَ ٱلۡإِثۡمَ سَيُجۡزَوۡنَ بِمَا كَانُواْ
يَقۡتَرِفُونَ ١٢٠

Дунялалдагоги гьабула Аллагьас квешал гlамалазул жазаъ, амма киназего гьабуларо ва кидагоги гьабуларо. Ахираталда щибго жо гъоркь течlого, щибго жо гьоркьоб течlого, щибаб гlамал бихьун гьелда рекъон жазаъ гьабула Аллагьас.

**121. Нужеца Аллагьасул цlар тlад рехсечlеб жоялъул гьан кванаге.** Хъанчазе, ханзабазе, хlакимзабазе хъураб жо кванаге: жиб хъолеб мехалъ гьезул цlарги рехсараб, гьезие хъвезе ниятги гьабураб. **Гьединаб жо кванай цlакъ кlудияб мунагь буго. Хlакълъунго щайтlабаца жидеда нахърилълъарал гьудулзабазда малъула нужедехун къецандизе ва Аллагьасул шаргlалда рекъон хlарамаб жо хlалалаблъун бихьизабизе. Гьел гlадамазда гlенеккун, гьезда мутlигlлъани, нужги Аллагьасде ширк гьабулел гlадамал рукlуна.** Ва битlараб исламияб нухдаса хъущтlула. Аллагьасе дин гьабулев чияс гьеб Аллагьас малъухъин гьабизе ккола.

وَلَا تَأۡكُلُواْ مِمَّا لَمۡ يُذۡكَرِ ٱسۡمُ ٱللَّهِ عَلَيۡهِ
وَإِنَّهُۥ لَفِسۡقٌۗ وَإِنَّ ٱلشَّيَٰطِينَ لَيُوحُونَ إِلَىٰٓ
أَوۡلِيَآئِهِمۡ لِيُجَٰدِلُوكُمۡۖ وَإِنۡ أَطَعۡتُمُوهُمۡ
إِنَّكُمۡ لَمُشۡرِكُونَ ١٢١

«Аллагьасул цlар жинда тlад рехсечlеб жоялъул гьан кванаге»- абураб рагlиялъул магlна буго ургъунго гьеб жо хьолеб мехалъ Бисмиллагь абичlого тей. Кlочон гьеб Бисмиллагь абичlого хутlани бусурманчияс хъураб жоялъул гьан кваназе бегьула. Кlиабилебги мурад буго Аллагьасул цlарги рехсечlого цоги щиб бугониги жоялъул цlар рехсей. Гьедин хъураб жоялъул гьан кваназе хlарамаб буго. Гьаб буго кlвар гьабизе кколеб масъала. Ригьин гьабулеб мехалъ, гьобол вачlараб мехалъ ва цоги щиб ишалъе бугониги хlайван хъвезе къасд гьабурав чияс гьеб хlайван хъвезе ккола Аллагьасул цlарги рехсон, гьесул амруялда нахъвилълъун, хlалалаб хlалалъ гьеб хlайваналъул гьан кваназе къасдги гьабун. «Дица гьоболасе хьолеб буго гьаб хlайван» – абун ният гьаби шаргlалда бегьуларо.

أَوَمَن كَانَ مَيْتًا فَأَحْيَيْنَٰهُ وَجَعَلْنَا لَهُۥ نُورًا يَمْشِى بِهِۦ فِى ٱلنَّاسِ كَمَن مَّثَلُهُۥ فِى ٱلظُّلُمَٰتِ لَيْسَ بِخَارِجٍ مِّنْهَا كَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِلْكَٰفِرِينَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٢٢﴾

122. **Жив хварав чиясда релълъун вукlарав капурав чи,** жиндир ракlги беццав, хlакъаб нухги бихьуларев, **цинги дица жив иманалъул нурги рекlелъе рехун чlаго гьавурав, гlадамазда гьоркьов живго хьвадизе ва цогидал гlадамазеги тlоритlеллъун букlунеб иманалъул гвангъараб нурги Дица жиндие гьабурав. Гьав чи релълъун вукlунищ куфруялъул бецlлъукьго хутlарав, гьенисан къватlиве вахъине нух батуларого вугев чиясда.** Гьав кlиявго чи цоцада релълъун рукlунаро. **Гьадин капурал гlадамазда берцин бихьизабун буго жидеца гьабулеб гlамал.** Ва гьел щибго хlинкъиги гьечlого куфруялъул ва Аллагьасде гlассилъиялъул нухалда хьвадулел руго

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا فِى كُلِّ قَرْيَةٍ أَكَٰبِرَ مُجْرِمِيهَا لِيَمْكُرُوا۟ فِيهَا وَمَا يَمْكُرُونَ إِلَّا بِأَنفُسِهِمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿١٢٣﴾

123. **Дица Макка шагьаралъул кlудиял гlадамал ва мушриказул церехъаби гьарун ругел гlадин гlадамал диналдаса нахъчlвалел, хlилла-макру гьабун халкъ гуккулел чагlилъун, гьединго щибаб шагьаралда Дица гьаруна бечедал чагlаздаса ва хlакимаздаса кlудиял мунагьал гьарулел ва купру-ширкалда гlагарал гlадамал, жидеца пасалъи гьабизе ва гlадамал хlакъаб Аллагьасул диналдаса руссинаризе ва къосинаризе.**

Гьаб пишаги Аллагьас гьабуна жинда мутlигlалги гlасиялги гlадамал загьираб лъаялдалъун лъазе. **Ва амма гьал гlадамаз гьабулеб макру**

**ва хlилла жидерго напсазе зараталъе гьабулеб буго ва гьезда лъалебги гьечlо гьаб иш гьадин букlин.** Цlакъ чlухlарал, ахlмакъал гlадамал руго гьал. Гьазул чlухlиялъул ва гlамал кlодолъиялъул бицун тlадегlанав Аллагьас абулеб буго:

124. **Жидехъе** Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад хlакъав ва ритlухъав авараг вукlиналъе, **хlакъаб хlужадалил бачlараб мехалъ, гьез абулеб буго: «Нижеца гьав Мухlаммадил расуллъун вукlин ритlухъ гьабиларо, нижехъги Аллагьасул расулазухъе кьолеб тlехь ва мугlжизат кьезегlан абун.**

وَإِذَا جَآءَتۡهُمۡ ءَايَةٞ قَالُواْ لَن نُّؤۡمِنَ حَتَّىٰ نُؤۡتَىٰ
مِثۡلَ مَآ أُوتِيَ رُسُلُ ٱللَّهِۘ ٱللَّهُ أَعۡلَمُ حَيۡثُ
يَجۡعَلُ رِسَالَتَهُۥۗ سَيُصِيبُ ٱلَّذِينَ أَجۡرَمُواْ
صَغَارٌ عِندَ ٱللَّهِ وَعَذَابٞ شَدِيدُۢ بِمَا
كَانُواْ يَمۡكُرُونَ ١٢٤

Жидеца хlалхъублъи гьабун, аварагасде инкар ккун абулеб рагlи буго гьаб. Жидеца иман лъолеллъун рукlун абулеб рагlи гьечlо.

Аллагьасда инкар ккурал, хъанчие лагълъи гьабулеб агьлулъун жалги рукlаго, гьезие бокьун буго Аллагьас жидее мугlжизаталги кьезе, цинги гьелги кумекалъе ккун Аллагьасе гlибадат гьабиялдаса халкъ буссинабизе. Цlакъ кlудияб купруги, чlухlиги буго гьаб. Гьазул рагlи нахъчlван Тlадегlанав Аллагьас абулеб буго:

**«Аллагьасда лъикl лъала жинца рисалат лъихъе кьелебали ва щив гьелъие мустахlикъав вугевги».** Аллагьас аварагзабилъун рукlине халкъалдаса тlаса рищула рацlцlадал, жидер лъикlлъи машгьурал гlадамал. Къосарал, къабихlал гlамалазул бетlергьабилъун ругел капурзаби гьаруларо аварагзабилъун. Жиндир шаригlат баччизе, гьеб цlунизе ва умматалъухъе щвезабизе Аллагьас бищунго лъикlал гlадамал тlаса рищула.

Киналго аварагзабиги гьезул заманалъул гlадамаздаса бищун хирияздаса рукlана. Жидеда Аллагьги кlочарал, Аллагьасда жалги кlочарал, хlалихьатал пишабазул бетlергьабилъун ругел, жидеца Аллагьасде гlасилъи тlаса бищарал, гьесие гьабизе тlадаб гlибадат хъанчазеги гьабулел, Аллагьасеги гlасилъун щайтlаналъе мутlигlлъарал гlадамал аварагзабилъун кин рукlинел?

Гьаб кlудияб чlухlи жиндилъ бугеб рагlи абун ва цогидалги къабихlал пишаби гьарун купру-ширкалдалъун **кlудиял мунагьал гьарурал гlадамазда цlакъ гьел гlодорегlан гьарулеб гlазаб щвезе буго ва гьел Аллагьасда асклоб жидер щибго къимат гьечlел гlадамаллъун рукlина.** Жидецаго гьабураб макруялъул жазаълъун буго гьезие гьаб гlазаб ва гlодорегlанлъи.

Аллагьасул гьаб къотlи дунялалдаго хlакълъана Маккаялъул

мушриказул церехъабазе. Бадроялда рагъулъ чlван, махlцарал балканал рехулеб гвандинир жал рехун, гьеб гвендил раглалда чlун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас щивасул цlар ккун ахlун абуна: *«Гьанже батана гурищ Аллагьас къотlи гьабураб квербакъи муъминзабазе. Нужеда батанищ Аллагьас нужее къотlи гьабураб гlодорегlанлъи ва гlазаб»* – абун. Хlадис имам Бухарияс бицана.

Аллагь жиндир гlадлу битlарав хан вуго, жиндир хlукму гlакъилав хlаким вуго, жиндир гуч бергьарав малик вуго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хlадисалда буго:

*«Къиямасеб къоялъ, дунялалда хlилла-макру гьабун хьвадулел рукlарал гlадамазул мугъалда нахъаса тlаде баккун байрахъ букlуна ва гьеб байрахъалдалъун кинабго гlаламалда лъала гьев чи хlиллачи вукlин»*- абун. Хlадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьаб амру гьадин букlиналъе гlиллаги бицана, дунялалда хlилла-макру гlадамазда лъачlого, бахчун, балъгого гьабулеб жо букlунелъул, ахираталда гьев чи загьир гьавулев вуго кинабго гlаламалда ва гьесул хlилла жинда тlад тlибитlун парпадулеб байрахълъун лъугьунеб буго.

فَمَن يُرِدِ ٱللَّهُ أَن يَهْدِيَهُۥ يَشْرَحْ صَدْرَهُۥ
لِلْإِسْلَٰمِ ۖ وَمَن يُرِدْ أَن يُضِلَّهُۥ يَجْعَلْ
صَدْرَهُۥ ضَيِّقًا حَرَجًا كَأَنَّمَا
يَصَّعَّدُ فِى ٱلسَّمَآءِ ۚ كَذَٰلِكَ يَجْعَلُ ٱللَّهُ
ٱلرِّجْسَ عَلَى ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٢٥﴾

**125. Тlадегlанав Аллагьасе цо чи иманалда тlовитlизе бокьараб мехалъ, гьесул керен гlатlид гьабула жинда жаниб ислам лъугьине.**

Гьеб рекlелъе иманалъул нур лъугьун гьелдалъун Аллагь цо гьавизе, гьесул шаригlат къабул гьабизе хlадураблъун лъугьуна ракl ва черх.

Жидеда Аллагь разилъаял Ибнужаририца ва Гlабдуразакъица бицараб хlадисалда буго:

*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана гьаб аяталъул хlакъалъулъ ва гьев жинца гьикъулев чияс абуна: «Гьасул керен кин гlатlилъулеб, я расулуллагь» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нур буго гьеб рекlелъе реххулеб, цинги ракl гlатlилъулеб» – абун». Жидеда Аллагь разилъаял асхlабзабаца абуна: «Гьеб нур рекlелъе лъугьин жиндалъун лъалел гlаламаталго ругищ?» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьелъие гlаламат буго ахираталъул рукъалдехун ракl гьетlи, гьаб жинца гуккулеб дунялалдасан ватlалъи, хвалие хlадурун вукlинги, гьеб хвел тlаде щвеледе цевего»* – абун.

**Тlадегlанав Аллагьасе иманалдаса къосаравлъун гьавизе**

**бокьарав чиясул керен ц1акъ къваридаблъун гьабула, жинда жаниб щибго жо лъугьунареб, жив зобалазде вахине лъугьун гьениве вахине к1оларого, х1ухьел ц1азе к1оларого хут1арав чиясда рельлъун.** Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас абуна: «Мунапикъасул керен ц1акъ къваридаб буго, ислам ц1акъ г1ат1идаб жо буго, гьедин бугелъул мунапикъазул рек1елъе иман лъугьунаро, т1асан гьел иман лъурал г1адин хьвадулел ругониги»–абун.

Аллагьасул Къуръан муг1жизат бук1иналде т1орит1ел гьабулеб раг1и буго гьаб аяталда жанибги. «Жив зодове вахине къасд гьабун къеркьолев чиясул керен къварилъулеб г1адин»– абураб раг1иялъ бицунеб буго ц1акъго борхатаб бак1алде вахунев чи жиндие гьава г1оларого, кислород дагьлъун, х1ухьел ц1азе зах1малъун хут1улеблъи. Гьаб г1елму лъазе рес бук1инч1о Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Къуръан рещт1инабулеб мехалъ рук1арал г1адамазда.

Гьаб дунялалда иман-ислам жаниб лъугьиналдаса мунапикъазул ва капурал г1адамазул керен-рак1 къварид гьабураб г1адин, **Т1адег1анав Аллагьас жинда иман лъеч1ел, аварагасда нахърилълъинч1ел г1адамазда т1ад дунялалъул г1одорег1анлъиги ахираталъул г1азабги гьабула.**

**126. Гьаб буго Мух1аммад ﷺ дур Бет1ергьанасул нух, жиб бит1араблъун бугеб. Х1акълъунго дица г1емерал аятал рещт1изаруна ва х1ужа-далилги бачана жидеда жо бич1ч1унел г1адамаз гьелдасан мунпаг1ат босизе ва иман лъезе.**

وَهَٰذَا صِرَٰطُ رَبِّكَ مُسۡتَقِيمٗاۗ قَدۡ فَصَّلۡنَا ٱلۡأٓيَٰتِ لِقَوۡمٖ يَذَّكَّرُونَ ١٢٦

**127. Аллагьасул диналда жал хьвадулел, жидеца бицараб жоялъул пикру-тадбирги гьабулел муъминзабазе Даруссалам абураб алжан х1адурун буго** (жинда жаниб божилъи, саламалъи бугеб рукъ) **Бет1ергьанасде аск1оре щвараб мехалъ гьел жанир ч1езе. Гьев Аллагь вуго, цоги щивго чи гьеч1о, гьезул умуразул тадбир гьабулев Вали,** жидее квербакъулев На́ссирги. Дунялалда иман лъун лъик1аб г1амал гьабун жал хьвадун рук1иналде данде бугеб Аллагьасул жазаъ буго гьеб.

۞لَهُمۡ دَارُ ٱلسَّلَٰمِ عِندَ رَبِّهِمۡۖ وَهُوَ وَلِيُّهُم بِمَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٢٧

Ибнукасирица абуна: гьаб алжаналда «Даруссалам» абун ц1ар теялъе х1икмат буго гьанир жанир лъугьинарулел муъминзаби

дунялалда бит1араб нухда хьвадун мунагь-хат1аялдаса саламатлъун хут1арал рук1ин. Хириял аварагзабазул нухда хьвадун дунялалъул къварилъабаздаса саламатлъана ва хвасарлъана гьал муъминзаби, ахираталда «Дарусcалам» абураб алжаналде лъугьинарун гьезие Аллагь разилъиги щвана.

وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا يَٰمَعْشَرَ ٱلْجِنِّ قَدِ ٱسْتَكْثَرْتُم مِّنَ ٱلْإِنسِ ۖ وَقَالَ أَوْلِيَآؤُهُم مِّنَ ٱلْإِنسِ رَبَّنَا ٱسْتَمْتَعَ بَعْضُنَا بِبَعْضٍ وَبَلَغْنَآ أَجَلَنَا ٱلَّذِىٓ أَجَّلْتَ لَنَا ۚ قَالَ ٱلنَّارُ مَثْوَىٰكُمْ خَٰلِدِينَ فِيهَآ إِلَّا مَا شَآءَ ٱللَّهُ ۗ إِنَّ رَبَّكَ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿١٢٨﴾

**128. Дуца къавмалъе ваг1залъун бук1ине бице, Мух1аммад ﷺ, Т1адег1анав Аллагьас г1адамалги жундулги къиямасеб къоялъ данде гьарун гьезда абулеб г1уж: Я гьаб жундузул жамаг1ат! Нужеца дунялалда рук1аго ц1акъ г1емерал г1адамал къосинаруна.**

Гьеб щай нужеца гьабураб абун бадибч1вай гьаби буго гьаб раг1иялъул маг1на.

**Жундулгун гьудуллъи гьабун рук1араз абула: Я нижер Бет1ергьан! Гьезги ниж г1адамазги цоцаздаса мунпаг1ат босана.** Женаз нижеда дунялалда лазат, шагьват щолеб жо малъана, гьелдалъун нижги лъик1аб жо гьабулел ругеб г1адин рохун рук1ана. Ниж къосиналдаги т1амун, жидер мурадалги т1уран рохун женалги рук1ана. **Гьедин дунялалъ гуккун рук1аго, дуца ц1араб заман лъугьун нижги хун хабалъе ана.** Гьале гьанже т1аде рахъинарун дуда цереги ч1ун руго» – абун. Гьабги г1узру бицунеб раг1и буго, дунялалда гьабураб мекъаб хьвадиялда мук1урлъун, Аллагь гурх1иларoдай абун хьул лъун.

**Т1адег1анав Аллагьас абула: «Жакъа г1узру къабул гьабулеб къо гьеч1о. Нуж киналго жанире руссунеб бак1 жужах1алъул ц1а буго ва гьенир даимго рук1инеги руго. Аллагьасе бокьараб заман жужах1алда жанир гьеч1ебги бук1ина нужер»** – абун.

Гьеб раг1иялъе г1емер бат1и-бат1ияб тафсир гьабун буго. дица дирго рак1 жинда араб цо маг1на хъван тана. **Х1акълъунго дур бет1ергьан Аллагь жинца гьабулеб ишалъулъ х1акимияв вуго, жиндир лагъзадерил х1ал ва гьезие гьабулеб жазаъги лъалев вуго.**

وَكَذَٰلِكَ نُوَلِّى بَعْضَ ٱلظَّٰلِمِينَ بَعْضًۢا بِمَا كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ﴿١٢٩﴾

**129. Гьал жундузулги г1адамазулги цоцазе квешал гьудулзаби гьаруреб г1адин, Дица г1адамазул цоял цоязда т1адеги т1амула гьез гьарурал зулмаби сабаблъун.**

Гьаб аятги г1адамазе зулму гьабулезе х1инкъи кьолеб буго, нужеца гьеб зулму теч1они дица нужеда т1ад нужее зулму гьабулел г1адамалги

тlамила абун.

Жинда аллагь разилъаяв Ибнугlаббасица абуна: «Тlадегlанав Аллагь цо къавмалда разилъараб мехалъ гьезул амру жидер бищун лъикlазда кодоб гьабула. Гьеб къавмалда Аллагьасул ццим бахъараб мехалъ гьезул амру бищунго квешазда кодоб гьабула» – абун.

Динар ибну Маликица абуна: «Дица хlикматалъул тlахьаздаса цlалана тlадегlанав Аллагьас абулин: Дун вуго нужер Бетlергьан Аллагь, ханзабазулги хан. Ханзабазул ракlал дир хъатинир руго. Дие мутlигlлъарав чиясе ханзабазул ракlал дица гурхlел-рахlматлъун гьарила. Диде гlасилъарасе ханзабазул ракlал балагьлъун гьарила. Нуж ханзабазда хьандолел рукlунге, нужеца тавбо гьабе ва дида русса, дица ханзабиги нужее тамах гьарила» – абун.

**130. Я гьал жундузул ва гlадамазул жамагlатал! Нужехье нужедаго гьоркьосан аварагзаби рачlана гурищ, нужеда дир дин бицунел ва нужее гьаб къиямасеб къо букlинги, гьанир нуж хlисаб-мизан гьабизе тlаде рахьинарун дида цере чlолеблъиги бицунел? Гьел жамагlатаз абула: «Битlараб буго бетlергьан Аллагь. Жакъа нижеца нижерго напсазе зараналъе нугlлъи гьабулеб буго»** - абун. жидер цоги абизе рагlиги букlунаро, кьезе жавабги букlунаро ва гьел жидерго куфруялъе ва гlассилъабазе мукlурлъула.

يَٰمَعْشَرَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ أَلَمْ يَأْتِكُمْ
رُسُلٌ مِّنكُمْ يَقُصُّونَ عَلَيْكُمْ
ءَايَٰتِى وَيُنذِرُونَكُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا ۚ
قَالُوا۟ شَهِدْنَا عَلَىٰٓ أَنفُسِنَا ۖ وَغَرَّتْهُمُ
ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا وَشَهِدُوا۟ عَلَىٰٓ أَنفُسِهِمْ
أَنَّهُمْ كَانُوا۟ كَٰفِرِينَ ١٣٠

**Дунялалъул чlаголъиялъ гуккун хьвадана гьал гlадамал, гьанже жидерго напсазе нугlлъиги гьабуна жидеца дунялалда рукlаго Аллагьасде инкар ккун букlиналда.** Гьаб цlодорал гlадамазул хlал гьечlо, гьеб къо нуж киназдаго тlаде бачlине буго, нуж цlодорго рукlа ва Къуръаналъ бицунеб жоялдаса вагlза-насихlат босе.

**131. Гьаб аварагзаби ритlи ва къавмазда рисалат щвезабиялъул хlикмат буго, Мухlаммад ﷺ, дур бетlергьан Аллагь жинца гlадамал гьалаг гьаруларев вукlин гьезухье хlакъаб дин щвезабун ва гьезие хlинкъи кьун хадуб гурони.**

ذَٰلِكَ أَن لَّمْ يَكُن رَّبُّكَ مُهْلِكَ ٱلْقُرَىٰ
بِظُلْمٍ وَأَهْلُهَا غَٰفِلُونَ ١٣١

**132. Щивав жинца гlамал гьабурав чиясде ахираталда гьеседа рекъараб даража-макъам буго.**

وَلِكُلٍّ دَرَجَٰتٌ مِّمَّا عَمِلُوا۟ ۚ وَمَا رَبُّكَ
بِغَٰفِلٍ عَمَّا يَعْمَلُونَ ١٣٢

Лъикlлъи гьабурасул лъикlаб, тlадегlанаб даража буго, квешлъи гьабурасул гlодобегlанаб даража буго. **Хlакълъунго дур Бетlергьан лагъзадерил гlамал жинда лъаларев гьечlо.** Щивав чиясе ахираталда жинца гьабураб гlамалалъул жазаъ батизе буго, гlакълу бугел гlадамал кантlун рукlа абе.

**133. Дур Бетlергьан Аллагь щибго жоялда хlажатав гьечlев, кинабго рахъалъан бечедав вуго.** Лагъзадерил гlамалалда жив хlажатав гьечlо, гьезул мутlигlлъиялдаса жиндие хайир бугев, гlассилъиялдаса зарал бугев гьечlо. **Жиндие рокьарал гlадамазе ва жиндие мутlигlал муъминзабазе лъикlлъи гьабулев, гьезда гурхlулев вуго. Аллагьасе бокьани цо гlазабги тlаде биччан нуж гьалаг гьарун тlагlинарила ва нужер бакlалда цоги къавм бижина, нужеда цере цоги къавмалги рукlун гьезда хадур нужги рижарал гlадин.** Нужеца гlассилъаби те ва Аллагьасул диналдеги русса, гурони Аллагь жиндир хlалкlолев вуго нуж гьалаг гьаризе ва кьолболъанго тlагlинаризе.

وَرَبُّكَ ٱلْغَنِيُّ ذُو ٱلرَّحْمَةِ ۚ إِن يَشَأْ
يُذْهِبْكُمْ وَيَسْتَخْلِفْ مِنۢ
بَعْدِكُم مَّا يَشَآءُ كَمَآ أَنشَأَكُم مِّن
ذُرِّيَّةِ قَوْمٍ ءَاخَرِينَ ﴿١٣٣﴾

**134. Нужее къотlи гьабураб ахиратги хlисаб-мизанги щибго щаклъи гьечlого бачlинесеб жо буго. Нуж Аллагь гlажиз гьавун гьесул хlалкlолъиялдаса рорчlулел гьечlо ва нужер лъутизе, кlанцизе бакlги гьечlо.**

إِنَّ مَا تُوعَدُونَ لَءَاتٍ ۖ وَمَآ أَنتُم
بِمُعْجِزِينَ ﴿١٣٤﴾

**135. Дуца къавмалда абе, Мухlаммад** ﷺ**! Я дир къавм, нуж нужерго куфру-ширкалда рукlа ва дидехун тущманлъи гьабулелги рукlа. дунги Аллагьас дида малъараб диналда чlун гьелда гlамал гьабун вукlина. Ахираталде щун Аллагьасул гlазаб хlакълъараб мехалъ нужеда лъазе буго лъикlаб ахират лъие бугебали. Хlакълъунго батlулаб жоялда ругел зулмучагlазул лъикlлъиялда кверщел батуларо.**

قُلْ يَٰقَوْمِ ٱعْمَلُوا۟ عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنِّى
عَامِلٌ ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ مَن تَكُونُ
لَهُۥ عَٰقِبَةُ ٱلدَّارِ ۗ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿١٣٥﴾

**136. Къурайшиязул мушриказ жидеца хьараб хуралдаса ва хьихьараб боцlиялдаса Аллагьасеги цо бутlа гьабуна ва гьез абуна: «Гьаб буго Аллагьасе бугеб бутlа»** – абун. Гьеб

وَجَعَلُوا۟ لِلَّهِ مِمَّا ذَرَأَ مِنَ ٱلْحَرْثِ
وَٱلْأَنْعَٰمِ نَصِيبًا فَقَالُوا۟ هَٰذَا لِلَّهِ
بِزَعْمِهِمْ وَهَٰذَا لِشُرَكَآئِنَا ۖ فَمَا كَانَ
لِشُرَكَآئِهِمْ فَلَا يَصِلُ إِلَى ٱللَّهِ ۖ وَمَا

كَانَ لِلَّهِ فَهُوَ يَصِلُ إِلَىٰ
شُرَكَآئِهِمْۗ سَآءَ مَا يَحْكُمُونَ ﴿١٣٦﴾

жо пакъирзабазе кьолаан. Гьаб жидецаго ургъараб, жиндие щибго далил гьечlеб пиша буго. **Цо бутlа жидер алагьзабазеги гьабуна.**

гьеб жидер ханзабазухъе кьолаан, гьезги хъанчазе хъульухъ гьабиялда хвезабулаан (расход гьаби). **Аллагьасде гlахьал гьарурал аллагьзабазул бутlаялдаса щибго жо унароан Аллагьасул бутlаялдехун. Аллагьасул бутlаялдаса алагьзабазул рахъалдехун араб жо гьел аллагьзабазе толаан. Щlакъ квешаб хlукму буго гьал мушриказ гьабулеб хlукму.**

Жинда Аллагь разилъаяв Мужагьидица абуна: Маккаялъул мушриказ жидер хуралдаса цо бутlа Аллагьасе буго цо бутlа хъанчазе буго абун гlорхъи гьабулеб букlана. Цинги гьуриялъниги, яги цоги щиб сабаб букlунги Аллагьасул рахъалдаса хъанчазул рахъалде араб жо гьенибго толаан ва Аллагь бечедав вугин, гьелде хlажатав гьечlо абулаан. Хъанчазе бугеб жоялдаса Аллагьасул рахъалде араб жо хехго тlадбуссине гьабулаан. Бакъ бан, ракъи тlад бачlани Аллагьасе бугеб бутlаялдаса кваналаан ва хъанчазул бутlа нахъе цlунулеб букlана»-абун.

وَكَذَٰلِكَ زَيَّنَ لِكَثِيرٍ مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ
قَتْلَ أَوْلَٰدِهِمْ شُرَكَآؤُهُمْ لِيُرْدُوهُمْ
وَلِيَلْبِسُوا۟ عَلَيْهِمْ دِينَهُمْۖ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ
مَا فَعَلُوهُۖ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُونَ ﴿١٣٧﴾

**137. Гьединго мушриказул гlемерисезе гьезул щайтlабаз берцин бихьизабуна жидерго лъимал чlвайги, гьел гьалаг гьаризе гlоло ва жидер дин цlакъаб дин бугин ракlалде ккезабун. Аллагьасе бокьарабани гьеб гlамал гьабиялдаса гьел нахъчlвалаан. Дуца гьел мушрикал ва гьез гьабулеб гlамал те.** Гьезие жазаъ Аллагьас гьабизе буго.

Жагьилиял гlарабиязул гlадат букlана ясал чlаго ракьулъ рукъулеб, гьез жидее нич гьабила абун хlинкъун. Хьихьизе кlвеларо абун хlинкъун васалги хвезарулел рукlана. Цо-цоязул гlадат букlана жидее цо чанго вас гьавуни, цо вас къурбаналъе хъвела абун абулеб. Гьедин къурбаналъе хъвезе къотlи гьабурав вукlана Гlабдулмутlалибица Гlабдуллагь, Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад аварагасул эмен.

Цинги гьев Гlабдуллагь хъвезе кlвечlого, гьелдаса хвасарлъизе сабаб цlехон хьвадараб мехалъ Гlабдулмутlалибида цояз малъана дуца анцlго варани лъе цо рахъалда ва цо рахъалда Гlабдуллагь лъе. Цинги можоро тlаме. Варанабазул цlар бачlани гьел хъве ва Гlабдуллагь живго те. Гlабдуллагьил цlар бачlани гьеб анцlго варани хъве ва гьанжесалаги можоро тlаме цоги анцlго вараниги лъун абун. Гьеб малъараб хlалалъ гьабуна Гlабдулмутlалибица. Щибаб нухалъ

Г1абдуллагьил ц1ар бач1ун ва анц1-анц1 варани хъун анц1го можоро т1амуна. Ахираб нухалъ бач1ана варанабазул ц1ар.
Гьедин нусго варани хъун хвасар гьавуна Г1абдулмут1алибица Г1абдуллагь. Гьаб нусго варани чи ч1вараб мехалъ дияталъе кьолеб г1ак1алъун нилъер шарг1алда жаниб бач1ана. Аллагьасул азалияб х1укму бук1ун Г1абдуллагьидаса вижана кинабго г1аламалъул авараг, жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв.

**138. Гьединго мушриказ абуна: «Гьаб хурги боц1иги х1ажру ч1вараб буго (вакъпу гьабураб буго) нижер аллагьзабазе бук1инелъун. Гьеб кваназе бегьуларо нижеца х1укму гьабун жиндие кьурав чияс гурони.** Гьебги жидецаго ургъараб бат1улаб х1укму буго. **Цо х1айванал руго жидеда т1ад рек1ине х1арам гьабурал. Цоги х1айванал руго жал хъолеб мехалъ Аллагьасул ц1ар бахъуларел,** хъанчазул ц1ар абулел. **Гьебги Аллагьасде г1унт1изабулеб гьереси буго,** жидерго напсазе бокьун гьабулеб х1укмуги буго. **Аллагьас ахираталда гьезие жазаъ гьабила гьадинал гьересиял ва бат1улал х1укмаби жидеца гьарун рук1иналъе г1оло.**

وَقَالُوا۟ هَٰذِهِۦٓ أَنْعَٰمٌ وَحَرْثٌ حِجْرٌ لَّا يَطْعَمُهَآ
إِلَّا مَن نَّشَآءُ بِزَعْمِهِمْ وَأَنْعَٰمٌ حُرِّمَتْ
ظُهُورُهَا وَأَنْعَٰمٌ لَّا يَذْكُرُونَ
ٱسْمَ ٱللَّهِ عَلَيْهَا ٱفْتِرَآءً عَلَيْهِ ۚ
سَيَجْزِيهِم بِمَا كَانُوا۟ يَفْتَرُونَ ﴿١٣٨﴾

**139. Цогиги гьез абуна: «Гьаб пуланаб х1айваналда ургьиб бугеб т1инч1 нижер бихьиназе хасаб буго ва руччабазе х1арамаб буго. нагагь гьеб т1инч1 хвараб гьабуни, цинги гьеб бихьиназеги руччабазеги г1ахьалго х1алалаб буго»–абун.**
Гьадин жидецаго бокьараб жо х1алал гьабун, бокьараб жо х1арам гьабун, **цинги гьеб Аллагьасул х1укму бугеб г1адин бициналде дандеги ахираталда гьезие г1азаб бук1ина. Х1акълъунго Аллагь жиндир пишабазулъ х1икмат пайда бугеб жо гьабулев ва г1адамазе мунпаг1ат бугеб ва зарал бугеб жо лъалев вуго.**

وَقَالُوا۟ مَا فِى بُطُونِ هَٰذِهِ ٱلْأَنْعَٰمِ خَالِصَةٌ
لِّذُكُورِنَا وَمُحَرَّمٌ عَلَىٰٓ أَزْوَٰجِنَا ۖ وَإِن
يَكُن مَّيْتَةً فَهُمْ فِيهِ شُرَكَآءُ ۚ
سَيَجْزِيهِمْ وَصْفَهُمْ ۚ إِنَّهُۥ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿١٣٩﴾

**140. Ц1акъ ахираталъе ч1ороге хут1арал руго гьел г1адамал, щибго г1иллаго гьеч1ого жидер лъимал ч1варал, жидер ах1макълъиялъ, хьихьизе к1оларо абун. Жидееги гьезиеги ризкъи кьолев Аллагь вук1ин лъач1ого. Ва жидеца**

قَدْ خَسِرَ ٱلَّذِينَ قَتَلُوٓا۟ أَوْلَٰدَهُمْ سَفَهًۢا
بِغَيْرِ عِلْمٍ وَحَرَّمُوا۟ مَا رَزَقَهُمُ ٱللَّهُ
ٱفْتِرَآءً عَلَى ٱللَّهِ ۚ قَدْ ضَلُّوا۟ وَمَا كَانُوا۟
مُهْتَدِينَ ﴿١٤٠﴾

**Аллагьас х1алал гьабураб жоги х1арам гьабурал гьересияб х1укмуги Аллагьасде г1унт1изабун. Гьаб къавм ц1акъ къосараб къавмлъун бук1ана ва бит1араб диналда т1орит1аралги рук1инч1о.** Жидер рижинго къосараб ва г1асияб бук1ана.

**141. Гьев Бет1ергьан Аллагь вуго нижер халикъ ва Разикъ: жинца нижее ахал гьарурав, т1илал гъоркь ч1ван рорхизарурал ва г1одорго таралги. Чамастакил ахалги гьаруна, бекьулеб хурги гьабуна бат1и-бат1ияб т1аг1ам жинца кьолеб, зайтуналъул, соноялъул (граната) ахалги гьаруна. Жидер кьер, жинс релъарал, амма жидер т1аг1ам бат1и-бат1иял. Нужеца Аллагьас кьурал пихъал кванай, гьел кваназе бегьулел лъугьараб мехалъ. Нужеца пихъги хурги бак1арулеб мехалъ гьелдасан кколеб х1акъги кье: паризаяб закат кье ва суннатаб садакъаги кье. Ва нужеца квен кванаялда жаниб исрап гьабуге:** г1емерго кванаге, гьелъ г1акълуялъе ва черхалъе зарал гьабула. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьасе жидеца исрап гьабулел г1адамал рокьуларо.**

۞ وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَنشَأَ جَنَّٰتٍ مَّعْرُوشَٰتٍ
وَغَيْرَ مَعْرُوشَٰتٍ وَٱلنَّخْلَ وَٱلزَّرْعَ
مُخْتَلِفًا أُكُلُهُۥ وَٱلزَّيْتُونَ وَٱلرُّمَّانَ
مُتَشَٰبِهًا وَغَيْرَ مُتَشَٰبِهٍ ۚ كُلُوا۟ مِن ثَمَرِهِۦٓ
إِذَآ أَثْمَرَ وَءَاتُوا۟ حَقَّهُۥ يَوْمَ حَصَادِهِۦ ۖ وَلَا
تُسْرِفُوٓا۟ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلْمُسْرِفِينَ ﴿١٤١﴾

Исрап гьаби абула: кинабго жо г1орхъи хун гьабиялда. Х1ажаталдаса т1ок1аб жо хвезаби цояб х1арамаб бук1уна, цояб карагьатаб бук1уна жиндир х1ал ва заман хал гьабун. Мунго маликаб боц1и-мал х1ажаталдасан т1ок1аб х1алалъ лъик1аб нухда хвезаби, садакъа хайраталъе, карагьатаб лъугьуна дуеги дуда напакъа т1адаб хъизаналъеги г1олеб къадар гъоркь толеб гьеч1они. Дуде аманат гьабураб, дуде божилъи гьабун тараб цогидазул боц1иялдаса х1ажаталдаса т1ок1аб жо хвезаби х1арамаб бук1уна.

**142. Рукъалъул х1айваналги кьуна нужее: цоял ч1ах1иял варанаби, чуял, жидеда т1ад рек1унел ва къайиги баччулел. Цоял г1исинал, г1иял-ц1ани г1адал, жидер рахь беч1улел ва гьанги кваналел. Нужеца Аллагьас кьураб х1алалаб ризкъи кванай ва щайт1аналъул нухда нахърилъун нужецаго цояб х1арам гьабун, цояб х1алал гьабун хьвадуге. Х1акълъунго гьеб щайт1ан нужер тущман буго.**

وَمِنَ ٱلْأَنْعَٰمِ حَمُولَةً وَفَرْشًا ۚ كُلُوا۟
مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُ وَلَا تَتَّبِعُوا۟ خُطُوَٰتِ
ٱلشَّيْطَٰنِ ۚ إِنَّهُۥ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ﴿١٤٢﴾

**Жиндир тущманлъи загьираб ва баянаб.** Нуж гьелдаса ц1унун рук1а!.

**143. Нужее х1алалаблъун микьго жо гьабуна,** рукъор хьихьун жидер гьан кваназе бегьулел, рахьги гьекъезе бегьулел. **Ц1аназул к1игояб гьабуна(бихьинаб в ц1уяб), бихьинаб ва ц1уяб чахъуги гьабуна. Дуца гьел мушриказда абе, Мух1аммад ﷺ, гьал х1айваназул бихьиналищ Аллагьас нужее х1арам гьарурал, яги ц1уялищ х1арам гьарурал, яги гьезул ц1уязул ургьиб бугеб т1инч1ищ нужее х1арам гьабураб? Нужеца дида бицеха, нуж бит1араб жо бицунел ратани** Гьаб раг1и буго мушриказда бадибч1вай гьабун абулеб; жидеца жидеего бокьараб жо х1алал гьабун, бокьараб жо х1арам гьабун хьвадулел рук1арал.

ثَمَٰنِيَةَ أَزْوَٰجٍ مِّنَ ٱلضَّأْنِ ٱثْنَيْنِ وَمِنَ
ٱلْمَعْزِ ٱثْنَيْنِ قُلْ ءَآلذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ
أَمِ ٱلْأُنثَيَيْنِ أَمَّا ٱشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ أَرْحَامُ
ٱلْأُنثَيَيْنِ نَبِّـُٔونِى بِعِلْمٍ إِن كُنتُمْ
صَٰدِقِينَ ﴿١٤٣﴾

**144. Гьединго ч1ег1ер х1айваназулги бихьинабги ц1уябги гьабуна, варанабазулги бихьинаб ва ц1уяб гьабуна. Гьанжеги абе Мух1аммад ﷺ, гьел мушриказда: нужеца дида бицеха гьал х1айваназул бихьиналищ Аллагьас нужее х1арам гьарурал, яги ц1уялищ х1арам гьарурал, яги гьазул ц1уязул ургьиб бугеб т1инч1ищ х1арам гьабураб? Яги нуж Аллагьасда аск1ор ч1униц рук1арал, гьес нужеда гьадинаб васият гьабулеб мехалъ?**

Цох1ониги жо Аллагьас х1арам гьабич1о гьал мушриказ бицунеб х1алалъ. **Аллагьасде г1унт1изабун жинца гьереси бицунев чиясдаса к1удияв зулмучи щивго вук1инаро. Щибго шарг1ияб х1ужа-далил гьеч1ого, гьереси бицун г1адамал бит1араб диналдаса къосинаризе бокьарал чаг1и руго гьел. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьас гьединаб зулмуяб къавм бит1араб нухда т1обит1уларо.** Ва гьезул руссунеб бак1 жужах1 бук1уна.

وَمِنَ ٱلْإِبِلِ ٱثْنَيْنِ وَمِنَ ٱلْبَقَرِ ٱثْنَيْنِ قُلْ
ءَآلذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ أَمِ ٱلْأُنثَيَيْنِ أَمَّا
ٱشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ أَرْحَامُ ٱلْأُنثَيَيْنِ
أَمْ كُنتُمْ شُهَدَآءَ إِذْ وَصَّىٰكُمُ ٱللَّهُ
بِهَٰذَا فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ
كَذِبًا لِّيُضِلَّ ٱلنَّاسَ بِغَيْرِ عِلْمٍ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٤٤﴾

**145. Дуца абе, Мух1аммад ﷺ, дида вах1ю гьабураб Къуръаналда жаниб дида батулеб гьеч1о жинца**

قُل لَّآ أَجِدُ فِى مَآ أُوحِىَ إِلَىَّ مُحَرَّمًا عَلَىٰ طَاعِمٍ
يَطْعَمُهُۥٓ إِلَّآ أَن يَكُونَ مَيْتَةً أَوْ دَمًا

مَّسْفُوحًا أَوْ لَحْمَ خِنزِيرٍ فَإِنَّهُۥ رِجْسٌ أَوْ
فِسْقًا أُهِلَّ لِغَيْرِ ٱللَّهِ بِهِۦ ۚ فَمَنِ ٱضْطُرَّ غَيْرَ
بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَإِنَّ رَبَّكَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٤٥﴾

**квен кваналев чиясе кваназе х1арам гьабураб жо капурго хвараб жоги, чвахулеб, т1инк1улеб биги, болъонил гьанги гурони. Гьеб болъон ц1акъ хъубаб жо буго** жинца чорокаб щинаб жо кваналеб. **Гьединго кваназе х1арамаб буго Аллагьасул гуреб ц1ар жинда рехсон хъураб, пасикъаб, мунагьаб жоги. Гьал рехсарал жалаздаса кваназе рес къот1иялъ т1амурав чиясе мунагь гьеч1о, жинца бокьун ва лазат босун гьеб кваналеб гьеч1они** ва жиндир рух1 борч1изе г1адаб къадаралдаса г1емерги кваналеб гьеч1они. **Х1акълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев вуго ва муъминзабазда гурх1улевги вуго.**

وَعَلَى ٱلَّذِينَ هَادُوا۟ حَرَّمْنَا كُلَّ ذِى
ظُفُرٍ ۖ وَمِنَ ٱلْبَقَرِ وَٱلْغَنَمِ حَرَّمْنَا
عَلَيْهِمْ شُحُومَهُمَآ إِلَّا مَا حَمَلَتْ ظُهُورُهُمَآ
أَوِ ٱلْحَوَايَآ أَوْ مَا ٱخْتَلَطَ بِعَظْمٍ ۚ ذَٰلِكَ
جَزَيْنَٰهُم بِبَغْيِهِمْ ۖ وَإِنَّا لَصَٰدِقُونَ ﴿١٤٦﴾

**146. Ягьудиязе дица х1арам гьабуна кинабниги жиндир малъ бугеб жо.** Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб малъ абураб раг1иялдасан мурад буго жиндир х1ат1ида килщал гьеч1еб цогояб малъ бугеб жо, варани, чу г1адаб. **Ч1ег1ер х1айваназдаса ва г1иц1аназдаса ягьудиязе гьезул т1ат1и х1арам гьабуна. Гьел х1айваназул мугъалда рек1ун бугеб, бакь-к1ачалда рек1ун бугеб т1ат1и ва ракьаялда т1ад бижараб мохмох кваназе х1арам гьабич1о ягьудиязе. Гьезие гьеб х1арам гьабиялъе г1иллаги буго жидеца гьарурал мунагьал ва г1асситлъаби:** аварагзаби ч1вай, риба кванай, чияр боц1и х1алал гьаби ва цогидабги квешаб щинаб жо. **Х1акълъунго дун дица бицунеб жоялъулъ рит1ухъав вуго.** Ва дица гьабураб жо бук1ана х1алалаб яги х1арамаб. Гьел ягьудиял жидеца гьереси бицунел руго ва, Аллагьас х1арам гьабич1еб жо х1арам гьабун, г1адамал къосине гьарулел руго.

فَإِن كَذَّبُوكَ فَقُل رَّبُّكُمْ ذُو رَحْمَةٍ
وَٰسِعَةٍ وَلَا يُرَدُّ بَأْسُهُۥ عَنِ ٱلْقَوْمِ
ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿١٤٧﴾

**147. Гьаб х1акъаб Къуръаналъул х1укму жидеда бицун хадубги ягьудияз мун гьереси гьавуни, дуца гьезда абе, Мух1аммад** ﷺ**: нужер бет1ергьан Аллагь ц1акъ гурх1ел-рах1мат г1ат1идав ва г1емерав вугоха абун.**

Г1ажаиблъи гьабун абулеб раг1и буго гьеб. Гьелъул маг1на буго: «Гьал ягьудияз гьарулел к1удиял мунагьалги, гьел Аллагьас г1азаб

гьабич1ого тейги ц1акъ г1ажаибаб жо буго. Ц1акъ сабру к1удияв ва гурх1ел г1емерав вугоха Аллагь». Ва амма гьеб Аллагьасул гурх1елалъ нуж гуккун рук1унге: **Аллагьасе цо квешаб къавмалъе г1азаб гьабизе бокьараб мехалъ, гьесул гучаб г1азаб нахъч1вазе лъидаго к1оларо.**

Гурх1ел-рах1му г1ат1идав вугев г1адин, жинда г1ассилъарал г1адамазда ццим бахъин гучавги вуго Аллагь. Гьаб аяталда жаниб жидеца мунагьал гьарулел г1адамазул Аллагьасул гурх1елелда хьул лъезаби буго, гьез тавбо гьабизе ва г1ассилъаби тун Аллагьасе г1ибадат гьабиялда руссине. Гьединго гьел мунагьал гьарулел г1адамазе х1инкъи кьейги буго: нуж Аллагьасул х1алимлъиялъ гуккун рук1унге, гьесул ццим бахъин т1ад бач1ани ц1акъ квеш бук1ина нужее абун.

سَيَقُولُ ٱلَّذِينَ أَشْرَكُوا۟ لَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَآ
أَشْرَكْنَا وَلَآ ءَابَآؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِن شَىْءٍ
كَذَٰلِكَ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ حَتَّىٰ
ذَاقُوا۟ بَأْسَنَا قُلْ هَلْ عِندَكُم مِّنْ عِلْمٍ
فَتُخْرِجُوهُ لَنَآ إِن تَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَإِنْ
أَنتُمْ إِلَّا تَخْرُصُونَ ﴿١٤٨﴾

**148.** Жидеца гьарурал мунагьаздаса рац1ц1адаллъун рук1ине бокьун **мушриказ абизе буго: «Аллагьасе бокьун бук1арабани нижеца ширк гьабич1ого бук1ине, нижеца гьеб ширк гьабизе бук1инч1о, нижер умумузги гьабизе бук1инч1о. Нижеца щибго х1арамги гьабизе бук1инч1о» – абун. Гьадин жидеца гьересияб х1ужа-далил бачунел рук1ана гьазда церехун рук1арал капурал умматазул г1адамалги, Дица г1азабги рещт1инабун гьел гьалаг гьарзег1ан. Дуца гьел мушриказда абе, Мух1аммад ﷺ, нужер щибго г1елмияб далил батани, нужеца гьеб далил бицеха абун.** Гьезул щибго далил гьеч1о. **Нуж руго нужерго рак1алде ккараб жоялда нахърилълъун ругел, Аллагьасде г1унт1изабун гьереси бицунел г1адамал.**

Гьаб аяталда жаниб мушриказ абулеб г1адин: «Аллагьасе бокьун бук1арабани нижеца ширк гьабич1ого бук1ине, нижеца гьеб гьабизе бук1инч1о»– абун, гьаб раг1и абула жидер иман заг1ипал, щайт1аналъ гуккарал, гьава-напсалда нахърилълъарал гьаб заманаялъул бусурбабазул г1емерисез. Гьаз абула: «Нижеда щиб г1айиб бугеб, Аллагьас хъвараб жо гурони нижеда гьабизе к1оларо» – абун.

Гьаб буго бат1улаб раг1и. Инсанасда лъик1абги квешабги нух бихьизабун буго, цинги амруги гьабун буго лъик1аб щинаб жо гьабе абун. Къабих1аб, квешаб жо гьабуге абун нагьюги гьабун буго. Лъик1абги квешабги жо бицун баянги гьабун буго. Бицинч1еб, баян гьабич1еб жо жинда лъазе г1акълуги кьун буго. Гьаб рехсараб лъик1аб

жо гьабизе ва квешаб жо тезе жиндие ихтиярги кьун буго.

Гьаб амру гьадин букlинго цадахъ квешаб, къабихlаб гlамалги гьабун, гьеб гьабиялъул гlайиб Аллагьасде гlунтlизаби цlакъ хlалихьатаб, инжитаб гlодобегlанаб пиша буго. Гьаб пиша жинца гьабулев чиги бищунго къадарав чи вуго.

قُلْ فَلِلَّهِ ٱلْحُجَّةُ ٱلْبَٰلِغَةُ فَلَوْ شَآءَ لَهَدَىٰكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿١٤٩﴾

**149. Дуца абе, Мухlаммад ﷺ, Аллагьасда асклоб буго цlакъ тlубараб, камилаб хlужа ва далил** гьал капурал, мушрикал, гlасиял, пасикъал гlадамал мекъаб нухда рукlин жинца чlезабулеб. **Аллагьасе бокьун букlарабани нуж киналго битlараб нухда хьвадулеллъун рижинаан.**

Кинниги жиндир азалияб хlикматалда рекъон нуж рижун руго ва нужецаго тlаса бищараб гlамал гьабизе ихтиярaлда риччан руго.

Нужеда тlад таклиф (парз) гьабун паризаял умуралги лъун руго. Ахираталда нужеца гьабураб гlамалалда рекъон алжаналда, яги жужахlалда нуж рукlунеблъиги бицун буго. Гьаб амру гьадин букlиналда жинца тlоритlел гьабулеб буго тlадегlанав Аллагьасул рагlиги буго «Дуца абе, Мухlаммад ﷺ, Аллагь вуго жинца кинабго хlакъаб жо гьабулев Бетlергьан: бокьарас иман лъе, бокьарас иман лъечlого инкар ккун чlа» – абураб.

Ибнухатlибица «Аллагьасе буго камилаб, тlубараб хlужжа» – абураб рагlиялъе тафсир гьабун абуна: Аллагьас жиндир аварагзаби ритlана гурищ, тlахьалги рещтlинаруна гурищ. Капурал гlадамазул ракlазда жанир гьел аварагзабаца Аллагьасул хlукмабиги лъугьинаричlищ, гьез иман лъезе бокьун. Гьелдаги хадуб щиб гlузруха букlунеб жиндир ракl хъубав инкарчиясе. Аллагьас гьесие киналго сабабал гьаруна гурищ Аллагь лъаялъе ва гьесие мутlигlлъиялъе, амма гьев иман лъеялдаса вуссана ва жиндирго гьава-напсалда нахъвилълъана. Аллагь цо вукlиналда, гьесул къуват ва къудрат гучаб букlиналда далилалги рачlана, кинниги гьев инкарчи къосиналда ва ахlмакълъиялда чlана.

«Аллагьасе бокьарабани нижеца ширк гьабилароан»-абураб рагlи буго хlакъаб рагlи, амма гьеб абиялдалъун батlулаб жо бокьараб. Тlадегlанав Аллагьас абун буго: «Аллагь жиндир лагъзал капурал рукlиналда разилъуларо»-абун. Жив разилъулареб жо Аллагьасе кин бокьилеб лагъас гьабизе? Я гьав капурав, Аллагьасде ширк гьабулев, къабихlал пишаби гьарулев, жив вижарав бетlергьан Аллагьасде данде вахъунев инсан! Аллагьас мун тlовитlана гьев лъаялде ва жиндие хlакъаб гlибадат гьабиялде, амма дуца гьеб къабул гьабичlо.

Аллагьас мун гьев гурх1улеб нухде ах1ана, мун гьелда разилъич1о. Дур рек1елъе иманги лъугьинабулеб бук1ана, дуца гьеб нахъч1вана. Гьаб кинабго ишалда хадубги дуе бокьун буго мун вахчизе жагьилал, ах1макъал г1адамаз жиб абулеб, гьересияб, къосараб раг1иялда нахъа: «Аллагьасе бокьун бук1арабани нижеца ширк гьабилароан» – абураб. Дуда к1очон толел руго г1емерал Аллагьасул аятал жидеца дуе х1акъаб нух бихьизабурал, мун квешлъиялдаса ц1унарал ва дуца гьабураб г1амалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго Ахираталда дуеян абулел.

قُلْ هَلُمَّ شُهَدَآءَكُمُ ٱلَّذِينَ يَشْهَدُونَ أَنَّ ٱللَّهَ حَرَّمَ هَٰذَا ۖ فَإِن شَهِدُوا۟ فَلَا تَشْهَدْ مَعَهُمْ ۚ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْءَاخِرَةِ وَهُم بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُونَ ﴿١٥٠﴾

**150. Жегиги дуца Къурайшазул мушриказда абе, Мух1аммад ﷺ: Жеха нужеца нужерго нуг1зал раче гьеб нужеца бицунеб жо Аллагьас х1арам гьабун бук1иналъе. Нагагь гьединаб нуг1лъи гьабун цо г1адамал к1алъани ва жидеца гьересияб нуг1лъи гьабуни, дуца гьеб нуг1лъи къабул гьабуге, ва мун гьезда г1енеккуге. Дир Къуръанги гьереси гьабулел, ахираталдаги божуларел г1адамазе бокьараб жоялда мун нахъвилълъунге. Жегиги Аллагьасде ширк гьабун хъанчазе лагълъиги гьабулеллъун ругел гьал жидеего бокьараб жо х1арам гьабулел г1адамал.**
138-140 аятазда бицун буго щибжо х1арам гьабулеб бук1араблъи.

۞ قُلْ تَعَالَوْا۟ أَتْلُ مَا حَرَّمَ رَبُّكُمْ عَلَيْكُمْ ۖ أَلَّا تُشْرِكُوا۟ بِهِۦ شَيْـًٔا ۖ وَبِٱلْوَٰلِدَيْنِ إِحْسَٰنًا ۖ وَلَا تَقْتُلُوٓا۟ أَوْلَٰدَكُم مِّنْ إِمْلَٰقٍ ۖ نَّحْنُ نَرْزُقُكُمْ وَإِيَّاهُمْ ۖ وَلَا تَقْرَبُوا۟ ٱلْفَوَٰحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ ۖ وَلَا تَقْتُلُوا۟ ٱلنَّفْسَ ٱلَّتِى حَرَّمَ ٱللَّهُ إِلَّا بِٱلْحَقِّ ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّىٰكُم بِهِۦ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿١٥١﴾

**151. Дуца абе Мух1аммад ﷺ! Нуж рач1а дихъе: дица нужее бицине буго, нужер Бет1ергьанас нужее х1арам гьабураб жо. Т1адег1анав Аллагьас нужеда васият гьабулеб буго нужеца Аллагьасде щибго жо г1ахьал гьабугеян гьесие г1ибадат гьабиялъулъ. Эбел имсуе лъик1лъи гьабе абунги гьабулеб буго васият.** Гьезие къварилъи гьабуге абун абич1ого Аллагьас эбел-имсуе лъик1лъи гьабе абуна. Гьалъул х1икмат буго эбел-имсуе къварилъи гьабич1ого тараб г1оларо, гьезие лъик1лъиги гьабизе ккола. Гьедин гурони эбе-имсул х1акъ т1убан бахъунаро. **Цоги нужеда васият гьабулеб буго, нужеца лъимал ч1ваге абун гьел хьихьизе к1оларо абун х1инкъун. Дун вуго нужееги гьезиеги ризкъи кьолев Разикъ. Нуж къабих1ал пишабаздаги г1агарлъуге загьирго гьабулеб бук1а гьеб къабих1аб**

**иш яги балъго гьабулеб бук1а.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб къабих1аб жоялдалъун мурад буго зина гьаби. Жагьилиял г1арабиязул г1адат бук1ана балъго зина гьаби къабих1аб ишлъун рик1к1унареб, загьиралда зина гьаби ц1акъго сурукъаб жолъун рик1к1унеб. Т1адег1анав Аллагьас загьиралдаги балъгоги зина гьаби х1арам гьабуна. **Цоги нужеда васият гьабулеб буго Аллагьас ч1вазе х1арам гьабураб, щибго г1айиб гьеч1еб напс ч1вагеян, шарг1ияб г1илла бук1ун ч1вазе х1акълъун гурони.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Бусурманчиясул би х1алаллъуларо лъабго жоялъул цоялдалъун гурони:*

*1) Жинца зина гьабурав чи ч1вала (х1алалаб магьари лъун ригьин гьабун бук1ун хадуб зина гьабураб мехалъ. Ригьин гьабич1ел г1олилаз зина гьабуни гьезда х1ад кьабула нусго т1ил.)*

*2) Жинца напс ч1варав чи къисасалъе ч1вала.*

*3) Исламияб дин тун муртадлъарав чиги ч1вала»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

**Гьаб ццебе рехсараб жо буго Аллагьас нужеда васият гьабулеб, нужеда х1акъаб жо лъазе ва бич1ч1изе бокьун.**

وَلَا تَقْرَبُوا۟ مَالَ ٱلْيَتِيمِ إِلَّا بِٱلَّتِى هِىَ أَحْسَنُ
حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُۥ ۖ وَأَوْفُوا۟ ٱلْكَيْلَ وَٱلْمِيزَانَ
بِٱلْقِسْطِ ۖ لَا نُكَلِّفُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا ۖ وَإِذَا
قُلْتُمْ فَٱعْدِلُوا۟ وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ ۖ
وَبِعَهْدِ ٱللَّهِ أَوْفُوا۟ ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّىٰكُم بِهِۦ
لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ﴿١٥٢﴾

**152. Нуж ятимзабазул боц1уда г1агарде къаге абунги Аллагьас васият гьабулеб буго нужеда. Гьеб боц1и ц1унун, гьеб ц1ик1инабун ятимзабазе мунпаг1ат бугеб жоялдалъун бегьила гьелда г1агарлъизе. Гьел ятимал лъимал к1удиял г1ун, жидеца боц1ул милат гьабулел лъугьизег1ан т1алаб гьабе гьаб малалъул.**

Даран-базар гьабун, ижараде кьун, ах-хур къач1ан гьеб боц1уе ва ятимазе маслих1ат бугеб жо гьабулев чияс гьелдаса г1адат билълъараб къадаралъ кваназеги, хвезебизеги бегьила. **Нужеца ц1адиро-къалиги т1убазабе рит1ухъаб х1алалъ.** Нужее боцунеб мехалъги, нужеца боцулеб мехалъги цого х1алалъ бук1инабе къалиги ц1адираги, нат1ги ва цогидаб жиндалъун роцен гьабулеб жоги. **Дица цониги напсалда т1ад къаларо гьеб напсалда жиб гьабизе х1ал к1олеб жо гурони.**

Байзави абулев г1алимас абуна: Т1адег1анав Алагьас ц1адиро–къали т1убазабе абураб раг1иялда хадуб «Дица х1ал к1олареб жо напсалда т1ад лъоларо»-абуна. Гьалъул х1икмат буго: боцулеб, ц1алеб жо

мух1канго т1убазе ккани ц1акъго зах1матаб жо бук1ин ва х1ал к1вараб жо гьабун хадуб дагьамакъаб жоялдаса Аллагь т1аса лъугьина абураб.

**Ва нужеца х1укму ва нуг1лъи гьабулеб мехалъ бит1араб, х1акъаб раг1и бице, гьеб дур г1агарал чаг1азе заралалъе кколеб бугониги. Ва гьанир рицаралги, рицинч1елги Аллагьасул къот1аби т1уразаре абун васиятги гьабулеб буго нужеда.**

Аллагьасул къот1аби абураб раг1иялдасан мурад буго кинабго къот1и: г1адамазда гьоркьор гьарулел къот1абиги Аллагьасе гьарулел къот1аби руго. Жинца къот1и т1убарасе лъик1аб ажру гьабулев, къот1и т1убач1есе квешаб жазаъ гьабулев вугелъул Т1адег1анав Аллагь. **Гьаб цебе бицараб жо буго Аллагьас нужеда васият гьабулеб, нужеца гьелдасан ваг1за босизе бокьун ва гьелда нахърилълъун г1амал гьабизе бокьун.**

وَأَنَّ هَٰذَا صِرَٰطِي مُسْتَقِيمًا فَٱتَّبِعُوهُ ۖ وَلَا تَتَّبِعُوا۟ ٱلسُّبُلَ فَتَفَرَّقَ بِكُمْ عَن سَبِيلِهِۦ ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّىٰكُم بِهِۦ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٥٣﴾

**153. Х1акълъунго гьаб дин дица нужее лъураб бит1араб нух буго, нуж гьаб нухда нахърилълъа ва гьеб ккун ч1а. Нуж бат1и-бат1иял диназда нахърилълъунге ва кинал ругел лъаларел нухаздаги хьвадуге. Гьедин цоги диналда нахърилълъани нуж рикь-рикьун ине руго ва бит1араб нухдаса къосизе руго. Гьаб буго дица нужее гьабулеб васият нуж Аллагьасадаса х1инкъизе бокьун,** гьесул амру-нагьюялда нахъ рилълъун. Нуж жужах1алъул ц1аялдасанги ц1унизе бокьун, нужеца Аллагь разилъулеб г1амал гьабун.

Т1адег1анав Аллагьас гьаб лъабго аяталда жаниб исламияб диналъул бищунго к1вар бугел умурал рехсана. Ахираб аяталда жаниб киналъулго х1асил гьабун абулеб буго: нуж бит1араб исламияб диналда рук1а, нуж рикь-рикьун бат1и-бат1иял нухазда, диназда хьвадуге абун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Аллагьас муъминзабазда амру гьабулеб буго жамаг1ат цадахъ бук1а абун, цо-цазда къецандун, рагъдон рук1унге абунги. Цересел умматазул г1емерисел гьалаг гьаруна гьел цоял-цоязда ч1ух1идалго ва Аллагьасул диналъулъ къацандидалго-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Масг1удица х1адис бицана: *«Цо къоялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир кверал ракьалда цо мухъ бахъана, ва гьес абуна: «гьаб буго Аллагьасул бит1араб нух»-абун. цинги гьеб мухъалъул квег1исан ва кваранисан мухъал рахъана ва абуна: «гьал руго цогидал нухал. Гьал нухалъул*

*щибалъул бет1еralда ч1ун щайт1анги буго жиндихъе халкъ ах1улеб Цинги жинца гьал аятал ц1алана (151,152,153)»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги х1адис буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер щив вугев дие къот1и гьабулев гьаб лъабго аяталда жаниб бугеб жо жинца т1убазе»-абун. Цинги жинца гьал аятал ц1алана (151,152,153) хадубги аварагас* ﷺ *абуна: «гьаб лъабго аяталда жаниб бугеб жо т1убазьабурав чиясул ажро Аллагьасда т1ад буго. Гьаниб бугеб жоялъул цо-цо жо т1убач1ев чиясе дунялаладаго г1акъуба бук1ине бегьила. Гьедин г1акъуба гьабич1ого тани ахираталда щвараб мехалъ гьесул амру Аллагьасде бук1уна: гьесие бокьани т1асса лъугьун тела, яги г1акъуба гьабила»*-абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

ثُمَّ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ تَمَامًا عَلَى ٱلَّذِىٓ أَحْسَنَ وَتَفْصِيلًا لِّكُلِّ شَىْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً لَّعَلَّهُم بِلِقَآءِ رَبِّهِمْ يُؤْمِنُونَ ﴿١٥٤﴾

**154. Цинги дица Муса аварагасухъе Таврат кьуна дир рахъалъан гьесие бугеб ниг1мат т1убазабун. гьев Муса аварагас дир амру-нагью т1убаялда т1ад ч1ун лъик1аб г1амал гьабун бук1индал, берцинаб г1ибадатги гьабун бук1индал. Ва гьел бануисраилал жидер диналъулъ ва дунялалъулъ жинда х1ажалъулеб кинабго жо баян гьабулеблъунги. Гьединго жинца бануисраилал х1акъаб диналда т1орит1улеблъун ва гьезие рах1матлъунги. Жидеца Аллагьасда иман лъун, ахираталда гьесда дандч1вазе рук1иналда мук1урлъизе бокьун.**

وَهَٰذَا كِتَٰبٌ أَنزَلْنَٰهُ مُبَارَكٌ فَٱتَّبِعُوهُ وَٱتَّقُوا۟ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٥٥﴾

**155. Дица Мух1аммад аварагасда** ﷺ **решт1инабураб гьаб Къуръанги жиндилъ баракат бугеб, жиндир къадро к1удияб ва мунпаг1атал г1емераб т1ехь буго. Жинца дунял ахираталъул киналго лъик1лъабазда щвей гьабулебги буго. Нуж гьеб Къуръаналда нахърилълъа, гьеб нужер имамлъунги гьабе, гьелъул х1укмуги ккве. Гьедин нуж хьвадани нужеда Аллагь гурх1изе вуго.**

أَن تَقُولُوٓا۟ إِنَّمَآ أُنزِلَ ٱلْكِتَٰبُ عَلَىٰ طَآئِفَتَيْنِ مِن قَبْلِنَا وَإِن كُنَّا عَن دِرَاسَتِهِمْ لَغَٰفِلِينَ ﴿١٥٦﴾

**156. Гьадинаб хирияб Къуръан дица решт1изабуна гьез абич1ого бук1ине; «Нижеда цере рук1арал Ягьудиязда ва Насраниязда т1ехь решт1изабуна. Ниж гьеб т1ехь ц1ализе лъалелги рук1инч1о:** гьеб нижер мац1алда бук1инч1ого ва нижги хъвай ц1али лъаларел

рукlун. Гъедин буголъидал ниж хlакъаб диналда тlоритlичlого хутlана»-абун. Жидер гьаб хlужа къотlизабун Аллагьас гlарабиязда Къуръан рештlине гьабуна.

أَوْ تَقُولُوا لَوْ أَنَّا أُنزِلَ عَلَيْنَا الْكِتَابُ
لَكُنَّا أَهْدَىٰ مِنْهُمْ ۚ فَقَدْ جَاءَكُم
بَيِّنَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ ۚ
فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن كَذَّبَ بِآيَاتِ اللَّهِ وَصَدَفَ
عَنْهَا ۗ سَنَجْزِي الَّذِينَ يَصْدِفُونَ عَنْ آيَاتِنَا
سُوءَ الْعَذَابِ بِمَا كَانُوا يَصْدِفُونَ ﴿١٥٧﴾

**157. Цогиги гьел гlарабияз абичlого букlизе: «нижедаги тlехь рештlизабун букlараб ани ниж гьел ягьудияздасан ва насранияздасан лъикl битlараб нухда рукlинаан»-абун. Хlакълъунго нужехъе Бетlергьанасул рахъалъан къадро кlудияб Къуръан бачlана. Жинда жаниб кинабго жо баян гьабураб, нужер ракlазе тlоритlеллъунги бугеб, нужер напсазе Аллагьасул рахlматлъунги бугеб.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витlидал ва гlараб мацlалда Къуръанги рештlизабидал гьеб къавмалъул кинабго гlузру тlаса ана ва Аллагьасда цере чlараб къоялъ жидер мунагьазда мукlурлъи гуреб цоги хlужа гьезие букlунаро. **Гьаб хlакъаб Къуръан жинца гьереси гьабурасдаса зулму кlудияв чи щивха вукlинев, Къуръаналда иман лъеялдаса живги вуссарав, жинца цогидал гlадамалги иман лъеялдаса нахъчlварав. Гьаб Къуръаналдаса руссун чlарал гlадамазе дица ахираталда цlакъ кlудияб, квешаб гlазаб гьабила Аллагьасул аятаздаса руссиналъе гlоло ва жидеца аварагги гьереси гьавиялъе гlоло.**

هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا أَن تَأْتِيَهُمُ الْمَلَائِكَةُ أَوْ يَأْتِيَ
رَبُّكَ أَوْ يَأْتِيَ بَعْضُ آيَاتِ رَبِّكَ ۗ يَوْمَ يَأْتِي بَعْضُ
آيَاتِ رَبِّكَ لَا يَنفَعُ نَفْسًا إِيمَانُهَا لَمْ تَكُنْ
آمَنَتْ مِن قَبْلُ أَوْ كَسَبَتْ فِي إِيمَانِهَا
خَيْرًا ۗ قُلِ انتَظِرُوا إِنَّا مُنتَظِرُونَ ﴿١٥٨﴾

**158. Къуръаналда ва аварагасда инкар ккурал мушриказе хутlараб жо гьечlо жидер рухl босулел малаикзаби рачlин гурони.**

Гьеб мехалъ тавбоги къабул гьабуларо, гьезие щибго жоялъ мунпагlатги гьабуларо. **Яги Аллагьасул цо амру бачlин гурони гьезие гlазаб гьабиялдалъун. Яги къиямасеб къо гlагарлъиялда тlоритlел гьабулеб цо гlаламат бачlин гуреб. Аллагьасул аятазул цо тайпа бачlараб мехалъ:** бакъ тlерхьудасан бакъ бакки гlадаб, **иманлъун букlинчlеб напсалъе щибго мунпагlат гьабуларо гьаб гlаламат бихьараб мехалъ иман лъеялдалъун. Жинца цебеккун лъикlаб гlамал гьабичlеб напсалъеги гьанже гьабураб гlамалалъ хайир гьабуларо. Дуца гьел мушриказда абе Мухlаммад** ﷺ**! Нуж балагьун чlаха щиб квешаб къодай нужеда бачlинеб абун. нижги балагьун чlарал**

**руго кидадай Аллагьас нужее гlазаб гьабила абун.**
Гьаб аятальул хlасил буго: Тlадегlанав Аллагьас хирияв аварагвитlана Маккаялъул мушриказда, гьезда цlализе лъалеб ва бичlулеб мацlалда Къуръанги рештlинабуна. Аллагьасул махлукъаталъул пикро гьабун Аллагь цо вукlиналда тlоритlел гьабизе гlакъло-лъайги кьуна. Гьаб кинабго жоялдасан руссун ширк гьабиялда тlад чlана гьел мушрикал. Гьанже гьезие бугеб жо буго чlаго дунялалда букlунги, ахиратaлда букlунги Аллагьасул гlазаб тlаде бачlин.
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хlадисалда буго:
*«Къиямасеб къо чlоларо бакъ тlерхьудаса бакъ баккун гурони. Гьедин бакъ баккун бихьараб мехалъ, кинавго чияс Аллагьасда иман лъола. Гьеб гlуж буго гьелда щвезегlан цебехун жинца иман лъун букlинчlеб напсалъе гьаб иман лъеялъ щибго мунпагlат гьабулареб»* – абун. Хlадис Байгьакъияс бицана.

**159. Хlакълъунго жидеца дин бикьизабурал ва къокъаби лъугьун цо-цазде къецандарал гlадамазул дуе щибго къварилъи гьечlо.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ فَرَّقُواْ دِينَهُمْ وَكَانُواْ شِيَعًا لَّسْتَ مِنْهُمْ فِى شَىْءٍ ۚ إِنَّمَآ أَمْرُهُمْ إِلَى ٱللَّهِ ثُمَّ يُنَبِّئُهُم بِمَا كَانُواْ يَفْعَلُونَ ﴿١٥٩﴾

Гьал руго ягьудиял ва насраниял Ибрагьим аварагасул бацlадаб дин жидеца бикьизабун, хисизабун хвезабурал. **Гьезул амру Аллагьасда буго ва гьес ахираталда гьезда бицине буго гьез гьабураб гlамал ва гьелъул жазаъ гьабизе буго.**

**160. Иманги лъун жинца лъикlаб гlамал гьабурав чиясе Аллагьас гьелъул кири анцlго нухалъ цlикlизабула. Жинца квешаб гlамал гьабурав чиясе Аллагьас гьеб квешлъиялда рекъараб жазаъ гурого гьабуларо,**

مَن جَآءَ بِٱلْحَسَنَةِ فَلَهُۥ عَشْرُ أَمْثَالِهَا ۖ وَمَن جَآءَ بِٱلسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزَىٰٓ إِلَّا مِثْلَهَا وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿١٦٠﴾

тlаде щибго жо цlикlизе гьабуларо **ва гьел гlадамазе зулмоги гьабуларо.**
Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасидаса бицараб хlадисалда буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Аллагьасул рахъалъан бицунеб хlадисалъулъ абуна:
*«Хlакълъунго нужер Бетlергьан жив гурхlулев вуго. Цо чияс лъикlлъи гьабизе къасд гьабуни ва гьеб лъикlлъи гьабичlого хутlани, гьев чиясе цо лъикlлъи хъвала. Жинца гьеб лъикlлъи гьабуни анцlголъун хъвала, анкьнусгоялдаги бахинабула, жегиги рекlкlен лъаларебгlан гlемерги гьабула. Жинца цо квешлъи гьабизе къасд гьабураб мехалъ, цинги гьеб гьабичlого тараб мехалъ (Аллагьасдаса хlинкъун) гьев чиясеги*

*цо лъиклъи хъвала. Жинца гьеб квешлъи гьабуни цо квешлъи хъвала, Аллагьасе бокьани хъвачlогоги тола»*-абун. Хlадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузарридаса бицараб хlадисалдаги буго: *«Жинца гlемерал мунагьал гьарурав чи дихъе вачlани, жинца дидехун щибго жо ширк гьабичlого, дица гьел квешлъабазда релълъараб гlемераб мунагьал чуриги гьабила гьев лагъасе»*-абун. (хlадис къокъ гьабуна). Хlадис имам Муслимица бицана.

قُلْ إِنَّنِي هَدَىٰنِي رَبِّيٓ إِلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسْتَقِيمٖ دِينٗا
قِيَمٗا مِّلَّةَ إِبْرَٰهِيمَ حَنِيفٗاۚ وَمَا كَانَ
مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ١٦١

**161. Дуца абе Мухlаммад ﷺ: Аллагьас дун тlовитlун вуго унго унгояб битlараб нухалда. Киналго батlулал диназдаса бацlадаб, жиб битlараб, хlакъикъияб Ибрагьим аварагасул диналда. Гьев Ибрагьим жинца ширк гьабулездаса вукlинчlо.**

Жидеца ширк гьабулел гlадамал Ибрагьимил диналда рукlунаро. Цохlо Аллагьасе гlибадат гьаби буго Ибрагьим аварагасул дин.

قُلْ إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَمَمَاتِي لِلَّهِ
رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ١٦٢

**162. Жегиги дуца абе Мухlаммад ﷺ! Хlакълъунго дица балеб как, Аллагьасе гlибадат гьаби, дица жо хъвейги: къурбаналъе хъолеб жо. Дир чlаголъиги ва гьеб чlаголъиялда жаниб дица гьабулеб кинабго гlамалги, дир хвелги, ахир дун вусинги Тlадегlанав Аллагьасе буго: кинабго гlалам жинца хьихьулев Бетlергьанлъун жив вугев.**

لَا شَرِيكَ لَهُۥۖ وَبِذَٰلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا۠ أَوَّلُ ٱلْمُسْلِمِينَ ١٦٣

**163. Гьев Аллагьасе щивго гlахьалчи гьечlо** жиндие лагълъи гьабулев, яги жинца гlаламалъул тадбир гьабулев. **Дица цахlо Аллагь гуресе гlибадат гьабуларо. Аллагьас дида гьелдалъун амруги гьабун буго. Дунги гьаб умматалъул Аллагьасе мутlигlлъун, гьесие гlибадат бацlад гьабулезул авалав вуго.** Ай тlоцевесев вуго.

قُلْ أَغَيْرَ ٱللَّهِ أَبْغِي رَبّٗا وَهُوَ رَبُّ كُلِّ شَيْءٖۚ
وَلَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ إِلَّا عَلَيْهَاۚ وَلَا تَزِرُ
وَازِرَةٞ وِزْرَ أُخْرَىٰۚ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم
مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ١٦٤

**164. Дуца абе Мухlаммад ﷺ: Дица дие Бетlергьанлъун Аллагьги живго тун цоги чийищ цlехелев? Гьев Аллагь жинца кинабго жо бижарав гьаб кинабго махлукъаталъул Бетlергьан вуго. Щибаб напсалъ мунагь, хlарамаб жо гьабураб**

**мехалъ, гьелъул гlакъуба гьеб напсалъе букlула. Цо напсалъул мунагьал цоги напсалда тlаде лъоларо, ва цо напсалъе гьабизе ккараб гlакъуба-гlазаб цоги напсалъе гьабуларо. Цинги ахираталда кинабго халкъ Аллагьасде буссунеб буго хlисаб-мизан ва жазаъ гьабизе. Цинги щибаб напсалда бицинеги буго нуж жиндилъ хилиплъун руклараб диналъул ва щивасе жиндир гlамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.**

**165. Жинца нуж гьаб ракьалда цогидал умматалги рукlун хадуб гьезул бакlалда халифалъун гьарурав Аллагь вуго нужер Бетlергьан. Жинца нужер цоял цогидаздаса тlадегlанги гьаруна даража макъамалъул рахъалъан.**

وَهُوَ ٱلَّذِي جَعَلَكُمۡ خَلَٰٓئِفَ ٱلۡأَرۡضِ وَرَفَعَ
بَعۡضَكُمۡ فَوۡقَ بَعۡضٖ دَرَجَٰتٖ لِّيَبۡلُوَكُمۡ فِي مَآ
ءَاتَىٰكُمۡۗ إِنَّ رَبَّكَ سَرِيعُ ٱلۡعِقَابِ وَإِنَّهُۥ
لَغَفُورٞ رَّحِيمُۢ ١٦٥

Гlилму гlакълу батlи-батlияб гьабуна, бечелъи-мискинлъи щивасул батlияб гьабуна. Цоял къуватал цоял загlипал гьаруна. Гьадин щивасул даража-макъам батlияб гьабуна **нужер хlал бихьи гьабизе. Аллагьас нужее кьурал ниглматазда щукро лъицадай гьабула абун ва нужер Аллагьасе мутlигlавги, Аллагьасда гlасилъулевги загьир гьавизе. Хlакълъунго Мухlаммад ﷺ, дур Бетlергьан Аллагь ахираталда жинда гlасилъаразе гlакъуба цlакъ хех гьабулев вуго.** Дунялалдаги щвезе бегьула гьезда Аллагьасул гlакъуба. **Гьединго Тlадегlанав Аллагь жинда мутlигlал муъминзабазда жив цlакъ гурхlулев, гьезул мунагьал чурулев вуго.**

Ибнукасирица абуна: Къуръаналда жаниб Тlадегlанав Аллагьас жиндир гlазабалъулги гурхlелалъулги аятал цо-цазде хурхинарун рицуна, гьединго цlохlо аяталда жаниб абула: «Аллагь жиндир щим бахъи, гlазаб гучав вуго, жиндир гурхlел-рахlмо гlатlидавги вуго»-абун. Гьадин гьабиялъул хlикмат буго жиндир лагъзал купру-ширкалдаса нахъе ахlун жив разилъулеб гlамал гьабиялда рачине бокьи. Жиндир ниглматазда хьул лъезабун, жиндир гlазабалдалъун хlинкъи кьун, Аллагьас инсан ахlулев вуго гьаб паналъулеб, цlакъ жиндир заман къокъаб дунялалда ралел дагьалго къоял жив разилъулеб гlамал гьабун рае абун, абадияб ахираталда жив рахlаталда ва ниглматазулъ вуклине.

Аллагь разилъулеб гlамалалда хьвадулел гlадамазе дунялалдаги рахlатги, ниглматалги руклуна. Жив вижарав, жив хьихьулев, ахир жиндие жазаъ гьабулевги цохlо Аллагь вуклин лъараб мехалъ, гьев инсан цlакъ гlодове виччан вуклуна ва кинабго жинда тlаде бачlараб

жо Аллагьасул рахъалъан бугеб ц1об-рах1матлъун х1исаб гьабула: ниг1матал кьуни щукро гьабула, т1аса росугеги абун Аллагьасда гьари гьабула. Къварилъи бач1ани тавбо гьабула, мунагьал чуризе бач1араб батаги абун дуг1аги гьабула.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Муъминчиясда лъалебани Аллагьасда аск1об бугеб г1акъуба-г1азаб киг1ан г1емераб ва гучаб бугеб, гьесул кидаго алжаналда хьул лъелароан. Капурчиясеги лъалебани Аллагьасда аск1об бугеб гурх1ел-рах1маталъул г1емерлъи, гьесул Аллагьасул алжаналдаса кидаго хьул къот1илароан. Аллагьас нусго рах1мат бижана гьезул цояб халкъалда гьоркьоб лъуна ва ункъоялда анц1ила ич1го жинда аск1об тана. Ракьалда решт1инабураб цох1о рах1маталдалъун буго Аллагьасул халкъалъул цо-цазде бугеб гурх1ел-рах1мо. Х1ата х1айваналъцин х1ет1е эхеде борхула, жиндир т1инч1алда т1аде гьеб щун гьелъие зарал ккеялда х1инкъун»* – абун.

Х1адис имам Муслимица бицана.

Аллагьас нилъ жиндие мут1иг1ал лагъзадеридаса гьареги.

Аллагьасул квербакъиялдалъун суратул Анг1амалъул таржама ва тафсир хъван т1убана.

Кинабго рецц1ги Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 7. Суратул Аг1раф

سُورَةُ الأَعْرَافِ

*Маккаялда решт1инабураб, жинда жаниб к1инусиялда анлъго аят бугеб.*

*Киналго Маккаялда решт1инарурал суратазда релъун гьаб суратги мух1канал далилал рицун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, ахират ва х1исаб-мизан бук1ин ч1езбулеб буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рисалатги расулалги рит1ухъал рук1инги вах1ю рещт1инги бицунеб буго. Гьаб сураталда жанир аварагзабазул къисабиги рицун руго жидер баян ва бицен г1ат1ид гьабун.*

*Сураталъул байбихьуда Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ аварагасда рещт1инабураб Къуръан кинабго инсанияталье рах1мат бук1ин бицун буго. Гьелда нахъвилълъарав чиясе дунял–ахираталъул бахьибуголъи щолеблъиги бицун буго. Хадуб инсаниятальул эмен Адам аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ иблисалъулгун ккараб къисса бицун буго: гьеб иблисалъул макро бицингун цадахъ лъик1лъиялда ва квешлъиялда гьоркьоб, х1акъаб ва бат1улаб жоялда гьоркьобги бугеб кидагосеб даг1ба-къецги бицун буго*

*Цинги ахир къиямасеб къоялъул ва гьениб халкъалъул бат1и-бат1иял къокъабазул бук1унеб х1алги бицунеб буго, гьезул цоцаздехун бук1унеб к1алъай- бах1салъул суратги бицун буго. Алжаналъул агьло муъминзабазул, жужах1алъул агьло капурзабазул бицун буго. Цох1о гьаб сураталда гурони жидер бицен гьабич1ел «асх1абул аг1рафи» абулеб къокъаялъулги бицун буго. Гьал руго жидер лъик1аб г1амалги квешаб г1амалги бащад ккарал г1адамал ва Т1адег1анав Аллагьас халкъалъул х1исаб-мизан лъугьинег1ан алжаналдаги жужах1алдаги гьоркьоб бугеб сангаралда т1ад тун ругел. Гьеб сангаралда ц1арги Аг1раф буго ва гьелдалъун гьаб сураталда ц1арги тана.*

*Гьединго сураталда жаниб Нух1, Гьуд, Ссалих1, Лут1, Щуг1айб, Муса аварагзабазул عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ къисабиги рицун руго, гьаб Мух1аммадил صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ умматалъ гьел къисабаздаса г1ибрат босизе г1оло. <u>Г1ибрат абула:</u> пикру гьабун цо пуланаб ишалъул х1асил гьабиялда. Ваг1за абураб ва насих1ат абураб к1иябго раг1иялдаса мурадлъун бугеб жоялдаса гьабулеб х1асилги буго гьеб г1ибрат. Г1илмуялда г1амал гьабуларел квешал г1алимзабазе ахираталда бук1унеб гьел инжит гьарулеб г1азабалъулги бицун буго. Сураталъул ахиралдаги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялъул ва гьесдехун ширк гьабулеб г1адамазул бицен гьабун буго.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Алиф, Лам, Мим, Ссад.** الٓمٓصٓ ١

Т1адег1анав Аллагь жинда лъалев вуго гьал х1урупал рехсеялдалъун бугеб мурад.

**2. Гьаб т1ехь буго Т1адег1анав Аллагьас дуда решт1инабураб Къуръан. Дур рек1елъе щибго къварилъи яги зах1малъи ккоге гьеб къавмалда щвезабиялъулъ, гьез мун гьереси гьавила абун. Гьаб Къуръан дуде рещт1инабуна гьелдалъун дуца Аллагьасдаса х1инкъарал г1адамазе х1инкъи кьезе ва муъминзабазе ваг1за-насих1атлъунги бук1ине.** كِتَٰبٌ أُنزِلَ إِلَيۡكَ فَلَا يَكُن فِي صَدۡرِكَ حَرَجٞ مِّنۡهُ لِتُنذِرَ بِهِۦ وَذِكۡرَىٰ لِلۡمُؤۡمِنِينَ ٢

Къуръаналдаса мунпаг1ат босулеб гьаб къокъа бугелъул, гьезул ц1ар рехсана Аллагьас. Амма Къуръан кинабго халкъалъе (г1адамазе ва женазе) х1инкъи кьезе ва ваг1за- насих1атлъун бук1ине рещт1инабураб буго.

**3. Нуж Аллагьас рещт1инабураб жоялда нахърилълъа. Жинда жаниб т1орит1ел бугеб, гвангъараб нуралда рельлъараб Къуръаналда нахърилълъа. Ва нужеца гьев Аллагьги живго тун нужее цоги вализаби ккоге ва нуж гьезда нахърилълъунге.** ٱتَّبِعُواْ مَآ أُنزِلَ إِلَيۡكُم مِّن رَّبِّكُمۡ وَلَا تَتَّبِعُواْ مِن دُونِهِۦٓ أَوۡلِيَآءَۗ قَلِيلٗا مَّا تَذَكَّرُونَ ٣

Хъанчал ругониги, кашишзаби, кагьанатал ругониги ккоге вализабилъун, нужер амру гьезда т1амизе ва гьезие мут1иг1лъизе. **Ц1акъ дагьал г1адамазе гурони Аллагьасул Къуръаналъул ваг1заялъ мунпаг1ат гьабулеб гьеч1о.**

**4. Г1емерал росабазул агьло буго дица жиб гьалаг гьабураб, гьез аварагзабаде нахърилълъине инкар гьабураб мехалъ. Гьел росабазда т1аде дир г1азаб бач1ана къаси жал кьижун яги хъизаназул** рек1елгъеялда ругеб мехалъ, **яги къалъул г1ужалда х1охь бахъиналъе гьел ч1ч1ун ругеб мехалъ.** وَكَم مِّن قَرۡيَةٍ أَهۡلَكۡنَٰهَا فَجَآءَهَا بَأۡسُنَا بَيَٰتًا أَوۡ هُمۡ قَآئِلُونَ ٤

Гьал руго г1адамал г1одор реччан, рак1алда щибго жо гьеч1ого рук1унел г1ужал. Гьеб х1алалда жалги рук1адго г1азаб т1ад бач1ин

ц1акъго зах1малъулеб иш буго.

**5. Гьаб дир г1азаб жидеда щвараб мехалъ гьез абулеб цоги раг1и бук1инч1о ва гьез ах1и балеб жоги бук1инч1о: «Ниж ц1акъ нижеего зулму гьабулеб агьло бук1анаха»-абун гьел мук1урлъи гуреб.**

فَمَا كَانَ دَعْوَىٰهُمْ إِذْ جَآءَهُم بَأْسُنَآ إِلَّآ أَن قَالُوٓا۟ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ﴿٥﴾

Аллагьасул ﷻ г1азаб жидеда решт1араб мехалъ гьезда бич1ч1ана гьеб заман дуг1аялъ кумек гьабулеб гьеч1еблъи.

**6. Дица ц1акъ т1адч1ун гьикъизе буго дир аварагзабазда ва гьел аварагзаби жидеда рит1арал умматаздаги.**

فَلَنَسْـَٔلَنَّ ٱلَّذِينَ أُرْسِلَ إِلَيْهِمْ وَلَنَسْـَٔلَنَّ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٦﴾

Ахираталда х1исаб-мизан гьабулеб мехалъ капурзабазда бадиб ч1вай гьабун ва гьезул к1анц1и къот1изабун гьикъизе буго: нужехъе аварагзабиго рач1ич1ищ? Гьез нужехъе Аллагьасул дин щвезабич1ищ? Нужеца щиб жавабха гьезие кьураб?-абун. Гьаб гьикъа-бакъиялда хадуб гьезие жидецаго т1аса бищараб жужах1алъул г1азаб гьабизе буго. Аллагьас ﷻ жиндир аварагзабаздаги гьикъизе буго нужеца умматазухъе дир дин щвезабунищ абун. Цинги гьез: «щвезабуна нижер бет1ергьан»-абидалго гьездасан разилъун т1адег1анал макъамал ругел алжаналда гьелги рит1изе руго.

**7. Гьеб х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ дица г1адамазда бицине буго гьез дунялалда гьабураб кинабго г1амал Дида лъалеб бук1иналъ. Дун цох1о лах1заталъги гьездасан рик1к1алъун, гьез гьабулеб жо лъаларого вук1инч1о.**

فَلَنَقُصَّنَّ عَلَيْهِم بِعِلْمٍ ۖ وَمَا كُنَّا غَآئِبِينَ ﴿٧﴾

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1абасица абуна: къиямасеб къоялъ лагъзадерил г1амал хъвараб кагъат лъола гьезда ццебе ва гьеб кагъаталъ бицуна гьез дунялалда гьабураб кинабго г1амал, щибго жо гьоркьоб теч1ого: абураб раг1иги бицуна, гьабураб г1амалги бицуна, лъик1аб бук1а, квешаб бук1а, къабих1аб-инжитаб, жиб бицине сурараб жо бук1а. Гьадин Аллагьасда ﷻ ццеве ч1ун, халкъул г1алам нуг1заллъун рук1ун, жиндир х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ гьениб ццебе бач1унеб къабих1аб, инжитаб жо гьабизеги, бицинеги намус бук1ине ккела бусурманчиясда.

**8. Гьеб къиямасеб къоялъ лагъзадерил г1амалал ц1алел ц1адирабиги рук1ине руго г1адилал, бит1арал, щивго чиясе зулму гьабуларел. Лъик1аб**

وَٱلْوَزْنُ يَوْمَئِذٍ ٱلْحَقُّ ۚ فَمَن ثَقُلَتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ﴿٨﴾

**г1амалалдалъун жидер ц1адираби бак1лъарал г1адамал руго жидер кинабго лъик1лъиялда кверщел батарал ва мурадазда щварал.**

وَمَنْ خَفَّتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُم بِمَا كَانُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا يَظْلِمُونَ ﴿٩﴾

**9. Ц1адираялда т1ад лъик1аб г1амал т1адагьлъун квешаб г1амал г1емерлъарал г1адамал руго жал ахираталъе ч1орого хут1арал ва жидерго напсал гьалаг гьарурал. Гьелъие г1илаги буго гьез дир Къуръаналда инкар ккун бук1ин.**

Г1алимзаби хилиплъана лагъзадерил г1амалал ц1ала абураб раг1иялъул тафсир гьабиялъулъ. Цояз абуна Т1адег1анав Аллагьас лагъзадерил г1амалазе черх гьабула жиндие бак1лъи бугел цинги гьел чурхдул ц1ала абун. Цогияз абуна г1амалал хъварал кагътал ц1ала абун. Лъабабилеб къокъаялъ абуна живго инсан ц1ала абун. Гьаз далиллъун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисги бачана:

*«Къиямасеб къоялъ цо чи вачун вач1ула жив кьарияв, вицатав, амма Аллагьасда* جَلَّ جَلَالُهُ *аск1об гьесул ц1айи бук1унаро к1к1арадал кваркьиг1адабги»*–абураб. Х1адис имам Муслимица бицана.

Кин бук1аниги нилъеца иман лъун нилъ божула гьеб къо бук1иналда ва гьениб х1исаб-мизан бук1иналдаги. Дунялалъул г1илмуялъ хинлъиги, ц1оройги, гьаваги, гьуриги боцунел алатал гьарураб мехалъ, гьеб дунялги дунялалда бугеб щинаб махлукъги жинца бижарав Халикъасда лагъзадерил г1амалал ц1азе к1вей щибго гъарибаб, ай бук1ине рес гьеч1еб жо гьеч1о.

وَلَقَدْ مَكَّنَّـٰكُمْ فِى ٱلْأَرْضِ وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَـٰيِشَ ۗ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ﴿١٠﴾

**10. Дица нужее гьаб ракьалда т1ад нужеего бокьухъин рук1ине рес рекъезабуна ва нужее маг1ишат гьабиялъе сабабалги рекъезаруна. Гьедин бугониги дир ниг1матал лъалев ва гьезие щукро гьабулев чи нужеда гьоркьов ц1акъ дагь гурони гьеч1о.**

وَلَقَدْ خَلَقْنَـٰكُمْ ثُمَّ صَوَّرْنَـٰكُمْ ثُمَّ قُلْنَا لِلْمَلَـٰٓئِكَةِ ٱسْجُدُوا۟ لِـَٔادَمَ فَسَجَدُوٓا۟ إِلَّآ إِبْلِيسَ لَمْ يَكُن مِّنَ ٱلسَّـٰجِدِينَ ﴿١١﴾

**11. Х1акълъунго нужер эмен Адам вижиналдалъун дица нуж киналго рижана ва цогидаб махлукъалде данде ккун нужер ц1акъ берцинаб суратги гьабуна.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: г1адамал инсул гьодазда жанир рижана, цинги эбелалъул рах1моялда жаниб гьезул суратги бижана-абун. Цоги г1алимзабаца абуна гьаб нуж рижана абуруб раг1и Адам аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ абураб буго гьев к1одо гьавун,

гьев халкъалъул эмен вугелъул-абун.

**Хадуб дица малаикзабазда амруги гьабуна нужеца гьав Адамие сужда гьабе абун.** Гьаб амруги буго Адам авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесул зурият хира гьабун гьабураб. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда мут1иг1лъун киналго малаикзабаца Адамие сужда гьабуна. Гьеб заманаялъ гьеб бак1алда бук1араб иблис сужда гьабич1ого ч1ана.** Гьеб ч1ух1ана х1арщудаса вижарав Адамие сужда гьабизе.

**12. Т1адег1анав Аллагьас иблисалда абуна: «Дица сужда гьабеян амру гьабураб мехалъ гьеб сужда гьабиялдаса мун щиб жоялъ нахъе ч1вараб?»-абун.**

قَالَ مَا مَنَعَكَ أَلَّا تَسْجُدَ إِذْ أَمَرْتُكَ قَالَ أَنَا خَيْرٌ مِّنْهُ خَلَقْتَنِي مِن نَّارٍ وَخَلَقْتَهُ مِن طِينٍ ﴿١٢﴾

**Иблисалъ абуна: «Дун Адамидаса лъик1аб буго. Дуца дун бижана ц1аялдасан ва дуца Адам х1арщалдаса вижана»-** абун.

Дун гьесдасан хирияб буго, дун жиндаса бижараб ц1а хирияб бугелъул Адам жиндасан вижараб х1арщалдасан абун. Гьаб ах1макъалъ пикру гьабич1о жинда амру гьабулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин ва гьев жинда лъалев вук1ин щив хирияв вугев ва щив г1одовег1анав вугевги.

Ибнукасирица абуна: жиндие лаг1нат батараб иблис балагъана жиб жиндаса бижараб ц1аялда ва гьеб ц1акъаб жолъун бихьана. Жиб балагьич1о Адам авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Т1адег1анав Аллагьас жиндирго квералдалъун х1арщги буцун гьавун вук1иналда ва гьесулъе жиндир рух1алдасан рух1 лъун бук1иналдаги. Гьединго пасадаб мекъаб боцинги гьабуна иблисалъ ва жиб ц1акъ мекъиги ккана гьеб боциналъулъги: гьелъ абуна ц1а лъик1аб ва хирияб бугин х1арщалдаса абун. Х1арщ буго жинда т1ад хур- херги бижунеб, жиб ц1обалеб ва жиндаса мунпаг1ат бугеб жо. Ц1а буго жинца кинабго жо бух1улеб ва жиндалъун г1азаб гьабулеб.

Ибнукасирица абуна: бищун цебе жинца къияс гьабураб (цо жо цоги жоялда боцараб) жо буго иблис, ва гьеб къиясалъулъ мекъиги ккана. Жинца Аллагьасул диналда жаниб жиндирго г1акълоялдалъун къияс гьабулев чи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ иблисгун данде гьавула»-абун.

Ибнухат1ибица абуна: Иблис буго т1оцебе жинца къияс гьабураб. Амма гьеб иблисалда лъач1о Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалда данде къияс гьабулареблъи. Загьираб раг1иялдалъун Къуръан–х1адисалда жаниб цо х1укму бицараб мехалъ гьеб цоги жоялда боцизе ва цоги бак1алда сверизабизе бегьуларо, гьеб х1укму Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абухъин т1убазе ккола-абун

**13. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Мун г1одоб лъугьа алжаналдаса. Дир амруялдаги г1асилъун дир хирияб**

قَالَ فَاهْبِطْ مِنْهَا فَمَا يَكُونُ لَكَ أَن تَتَكَبَّرَ فِيهَا فَاخْرُجْ إِنَّكَ مِنَ الصَّاغِرِينَ ﴿١٣﴾

**рокъоб ч1ун дица мун теларо. Мун гьанисан къват1ибе бахъа ва мунги г1одобег1ан гьабураб буго** абун.

Иблисалъ г1амал к1одолъи ва ч1ух1и загьир гьабидал гьелъие жазаъ гьабуна г1одобег1ан гьабиялдалъун ва х1акъир гьабиялдалъун. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ х1еларав ва мут1иг1лъарав чи гьес т1адег1ан гьавула. Гьесде данде г1амал к1одолъи гьабурав чи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ г1одовег1ан гьавула.

قَالَ أَنظِرْنِيٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ١٤

**14. Цинги иблисалъ абуна: «Дуца дун хвезабич1ого теха халкъ т1аде бахъизабулеб къо щвезег1ан»**-абун.

Г1азаб гьабич1ого нахъ т1амун те. Гьаб иблисалда лъана халкъ т1аде бахъизабулеб къоялдаса хадуб хвел бук1унареблъи ва жиб хвалил г1азабалдаса борч1изе сабаб гьарана.

قَالَ إِنَّكَ مِنَ ٱلْمُنظَرِينَ ١٥

**15.** Жиндир х1икматалдалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб иблисалъул гьари къабул гьабуна **ва жинца абуна мун нахъе бахъун тараб буго абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1абасица абуна: гьаб иблис хвезабич1ого нахъе бахъун тана т1оцебесеб ссур пулеб къоялде щвезег1ан. Гьеб ссур пураб мехалъ кинабго рух1ч1агояб жо хола, гьелгун цадахъ иблисги хола. Гьеб иблисалъе бокьун бук1ана хвалил кьог1лъи ч1амич1ого бук1ине ва жиб к1иабилеб ссур пулеб мех щвезег1ан ч1аго тезе. Т1адег1анав Аллагьас иблисалъул гьаб мурад т1убач1о. Гьаб раг1и бит1араб бук1иналда т1орит1ел гьабула цоги аяталда жаниб бугеб раг1иялъ: «Мун нахъе бахъун тараб буго цо пуланаб заман щвезег1ан»–абураб.

قَالَ فَبِمَآ أَغْوَيْتَنِي لَأَقْعُدَنَّ لَهُمْ صِرَٰطَكَ ٱلْمُسْتَقِيمَ ١٦

**16. Цинги иблисалъ абуна: «Дуца дун гьав Адам сабаблъун къосараб, г1одобег1анаб буго абун х1укму гьабидал, дун гьедун дица абулеб буго: Дун бит1араб исламияб нухда т1ад г1одоб ч1ела ва гьелдаса Адамил насло дица нахъч1вала»-абун.**

Гъачагълъи гьабулел г1адамаз нухлулазе гъара гьабулеб г1адин, гьел къосинарун, цоги нухал берцин рихьизе гьарун, гьеб х1акъаб нух жидеда бихьулареллъун гьарила дица гьел.

ثُمَّ لَءَاتِيَنَّهُم مِّنۢ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ وَمِنْ خَلْفِهِمْ وَعَنْ أَيْمَٰنِهِمْ وَعَن شَمَآئِلِهِمْ وَلَا تَجِدُ أَكْثَرَهُمْ شَٰكِرِينَ ١٧

**17. Цинги дун гьеб Адамил наслоялъухъе гьезда цебесан бач1ина, нахъасанги бач1ина, квараниса-квег1исаги бач1ина** ва дица гьезие кинабниги лъик1аб

жо сурун бихьизабила, кинабго бат1улаб жо берцинги бихьизабила. **Ва дуда гьезул г1емерисел дур ниг1матазе щукру гьабулареллъун ратила.**

Дур амруялда г1асияллъун, мут1иг1лъи таралги ратила.

Жинда Аллагь разилъияв Ибнуг1аббасица абуна: иблисалъул х1ал к1оларо инсанасда т1асахун бач1ине. Гьедин жиб бач1улеб бук1арабани гьеб Алласул рах1матаздаги лагъасдаги гьоркьоб ч1елаан-абун.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб иблисги гьелъул насло щайт1абиги инсанасул беразда рихьуларел гьаруна, нилъеда рихьич1ониги гьел рук1ин х1акъаб буго. Нилъеда бихьулареб, жиб бук1ин х1акъаб жо г1емераб буго. Инсан къосинавизе бат1и-бат1ияб сураталда бач1ине гьунар кьун буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб иблисалъе. Амма жинда свалат салам лъеяв аварагасул сураталда бач1ине к1оларо гьелда.

**18. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Мун гьаб алжаналдаса къват1иб бахъа мун какараблъун ва дуда г1айиб ч1вараблъун, дир рах1маталдаса рик1к1ад гьабураблъунги. Дица мунги дуда мут1иг1лъаралги жанир рехун жужах1 ц1езабилаян абун гьедулев вуго дун.**

قَالَ ٱخْرُجْ مِنْهَا مَذْءُومًا مَّدْحُورًا لَّمَن تَبِعَكَ مِنْهُمْ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿١٨﴾

**19. Я Адам! Мунги дур ч1ужу Х1аваги гьаб алжаналда жанир ч1ч1а. Ва нужеего бокьарал ниг1матаздасаги кванай. Нуж гьаб гъвет1алда аск1ор къаге ва гьелдаса кванаге. Нагагь гьеб гъвет1алдаса кванани нуж нужеего зулму гьабураздаса рук1уна.**

وَيَٰٓـَٔادَمُ ٱسْكُنْ أَنتَ وَزَوْجُكَ ٱلْجَنَّةَ فَكُلَا مِنْ حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا هَٰذِهِ ٱلشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٩﴾

Т1адег1анав Аллагьас гьезул х1албихьизе абун бук1ана гьаб цо гъвет1алдаса кванаге абун. Иблисалъе гьеб амру лъана ва жинца ях1 бахъана Адамги Х1аваги Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ г1асилъиялда ккезаризе.

**20. Цинги щайт1аналъ гьезул рек1елъ вас-вас рехизабуна ва гьезда бальго бук1араб г1аврат загьирлъизе х1илла гьабуна. Щайт1аналъ абуна: «Гьаб гъвет1алдаса кванагеян нужер Бет1ергьанас абуна нужер макъам жегиги т1адег1ан борхизе бокьич1ого: нуж малаикаллъун**

فَوَسْوَسَ لَهُمَا ٱلشَّيْطَٰنُ لِيُبْدِيَ لَهُمَا مَا وُۥرِيَ عَنْهُمَا مِن سَوْءَٰتِهِمَا وَقَالَ مَا نَهَىٰكُمَا رَبُّكُمَا عَنْ هَٰذِهِ ٱلشَّجَرَةِ إِلَّآ أَن تَكُونَا مَلَكَيْنِ أَوْ تَكُونَا مِنَ ٱلْخَٰلِدِينَ ﴿٢٠﴾

**рук1ине яги даимго алжаналда жанир рук1ине бокьич1ого»-абун.**

**21. Адамие ва Х1авае щайт1анги гьедана дун нужее лъик1аб жо бицунеб, нужеда гурх1ун насих1ат гьабулеб бугоян абун.**

وَقَاسَمَهُمَآ إِنِّي لَكُمَا لَمِنَ ٱلنَّٰصِحِينَ ﴿٢١﴾

22. Щайт1аналъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1ар бахъун гьедараб мехалъ гьеб гьа гьереси бицун гьедуларо абун ракl ч1ч1арав **Адамги Х1аваги щайт1аналъ гуккун гьеб гъвет1алдаса кванаялда рачана. Гьелдаса жидеца кванараб мехалъ гьезул г1авратал загьирлъана** ва гьел к1иялго цоцаздаса нечана, **гъут1буздаса т1анхал рет1ун, гьел т1аде рек1инарун г1авратал рахчизе лъугьана. Гьезда Аллагьасул рахъалъан ах1ана: нужеда абун бук1ана гурищ нужеца гьеб гъвет1алдаса кванагеян абун. Дица гьеб щайт1ан нужее баянаб ва загьираб тущман бугоянги абун бук1ана гурищ?-абун.**

فَدَلَّىٰهُمَا بِغُرُورٖۚ فَلَمَّا ذَاقَا ٱلشَّجَرَةَ بَدَتۡ لَهُمَا
سَوۡءَٰتُهُمَا وَطَفِقَا يَخۡصِفَانِ عَلَيۡهِمَا مِن وَرَقِ ٱلۡجَنَّةِۖ
وَنَادَىٰهُمَا رَبُّهُمَآ أَلَمۡ أَنۡهَكُمَا عَن تِلۡكُمَا ٱلشَّجَرَةِ
وَأَقُل لَّكُمَآ إِنَّ ٱلشَّيۡطَٰنَ لَكُمَا عَدُوّٞ مُّبِينٞ ﴿٢٢﴾

Нужеца дир амруги тана, щайт1аналъе гуккизеги ч1ана. Гьанже дица нуж алжаналдаса къват1ирги лъела, нужеего ризкъи т1алаб гьабизеги риччала абун.

**23. Адамицаги Х1авацаги абуна: «Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Нижеца нижерго напсазе зулму гьабуна дур амруялда хилиплъи гьабун. Гьанже мун нижеда гурх1ич1они ва дуца нижер мунагьалги чурич1они ниж ц1акъго г1адада хварал, ч1орого хут1арал г1адамал рук1ина» - абун**

قَالَا رَبَّنَا ظَلَمۡنَآ أَنفُسَنَا وَإِن لَّمۡ تَغۡفِرۡ لَنَا
وَتَرۡحَمۡنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلۡخَٰسِرِينَ ﴿٢٣﴾

**24. Т1адег1анав Аллагьас абуна нуж киналго алжаналдаса къват1ире лъугьун ракьалда решт1а. Нуж цоял цоязе тущбаби руго ахир къиямасеб къо ч1езег1ан.**

قَالَ ٱهۡبِطُواْ بَعۡضُكُمۡ لِبَعۡضٍ عَدُوّٞۖ وَلَكُمۡ
فِي ٱلۡأَرۡضِ مُسۡتَقَرّٞ وَمَتَٰعٌ إِلَىٰ حِينٖ ﴿٢٤﴾

Щайт1ан инсанасул тущман буго ва инсан щайт1аналъул тущманги вуго.

Щайт1аналъул инсанасдехун бугеб тущманлъи буго бат1улаб тущманлъи, ахираталда гьеб жужах1алде иналъе сабаблъун кколеб: гьеб щайт1аналъ инсанасдаса жиб лъик1аблъун бихьун, ч1ух1ун, х1ал хъублъун гьабулеб тущманлъи бугелъул. Инсанас щайт1аналдехун гьабулеб тущманлъи буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда нахъвилъун

гьабулеб хlакъаб тушманлъи, гьеб сабаблъун ахираталда жив алжаналда унеб. **Нужее ракьалда тlад буго нуж чlолеб бакl ва нужеца магlишат-яшав гьабун нужер гlажал тlаде щвезегlан мунпагlат босулеб бакlги.**

**25. Жегиги Тlадегlанав Аллагьас абуна: «гьеб ракьалда чlаголъи гьабун руклlина нуж. Цинги хун гьеб ракьалъул чохьонирги руклlина, ахираталда хlисаб-мизан гьабизеги гьеб ракьалдаса тlаде рахъинарула» абун.**

قَالَ فِيهَا تَحْيَوْنَ وَفِيهَا تَمُوتُونَ وَمِنْهَا
تُخْرَجُونَ ﴿٢٥﴾

**26. Я Адамил лъимал! Дица нужее лъабго батlияб ретlел гьабуна: Цо ретlел гьабуна нужеца жиндалъун гlаврат бахчулеб ва кидаго нуж жинда хlажатаб. Цоги ретlел гьабуна гlадамазда гьаркьор нуж хьвадулеб мехалъ нужеца берцинлъиялъе тlад ретlунеб. Лъабабилеб ретlел буго инсанасул жанисеб, рухlияб рахъ бацlцlадаб ва берцинаб букlин. Гьаб рухlияб рацlцlалъи буго загьираб берцинлъиялдасаги жиндир кlвар цlикlараб ва лъикlаб.**

يَٰبَنِيٓ ءَادَمَ قَدْ أَنزَلْنَا عَلَيْكُمْ لِبَاسًا يُوَٰرِي
سَوْءَٰتِكُمْ وَرِيشًا ۖ وَلِبَاسُ ٱلتَّقْوَىٰ ذَٰلِكَ
خَيْرٌ ۚ ذَٰلِكَ مِنْ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُونَ ﴿٢٦﴾

Цоги гlалимзабаз абуна: гьаб лъабабилеб ретlел рагъулъ тlад ретlулеб къолден буго жиндалъун тущманасдасан черх цlунулеб абун.

Гьаб ретlел рещтlинаби лагъзадеридехун бугеб цlоб-рахlмо бихьизабулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ **гlаламатаздаса цо гlаламат буго. Ва гьал кlудиял нигlматазда лагъзадерица щукру гьабизе бокьунги буго,** гьелдалъун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракlалда щвезе ва гьесие гlибадат гьабизе бокьун.

Цоги тафсир гьабуна: гьаб Адам аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къиса бицин Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятаздасан буго, гьеб къисаялдаса гlадамаз мунпагlат босизе. Щайтlаналъул макроялдаса цlунизе, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру-нагью тlубаялда тlад чlезе ва гьесие гьабулеб гlибадат бацlцlад гьабизе.

**27. Я Адамил лъимал! Вореха нуж щайтlаналъе гуккизе чlоге. Гьеб щайтlаналъ нужее макро гьабизе буго ва нужер эбел-эмен Адамги Хlаваги жидеда тlад букlараб нуранияб ретlелги бахъизабун, гlавраталги загьир гьарун, алжаналдаса къватlир**

يَٰبَنِيٓ ءَادَمَ لَا يَفْتِنَنَّكُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ كَمَآ
أَخْرَجَ أَبَوَيْكُم مِّنَ ٱلْجَنَّةِ يَنزِعُ عَنْهُمَا
لِبَاسَهُمَا لِيُرِيَهُمَا سَوْءَٰتِهِمَآ ۗ إِنَّهُۥ يَرَىٰكُمْ
هُوَ وَقَبِيلُهُۥ مِنْ حَيْثُ لَا تَرَوْنَهُمْ ۗ إِنَّا جَعَلْنَا
ٱلشَّيَٰطِينَ أَوْلِيَآءَ لِلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٧﴾

**рахъинарурал г1адин, нужги г1одорег1ан гьаризе руго.**
Нужеда Аллагьасул ﷻ ццим бахъулеб жо гьабизе т1амун. Гьеб щайт1аналъул мурад буго инсанасул киналго хиралъаби, лъик1лъаби т1аса ине гьари. Гьедин маг1навияб рет1елги т1аса бахъун, жив халкъалда ва Халикъасда цеве ч1езе нечолеб бак1алда ккезавула щайт1аналъ инсан.
**Гьеб щайт1аналъе ва гьелъул наслоялъе нуж рихьула, нужеда гьел рихьулел гьеч1ониги.** Нужеда рак1алда гьеч1еб рахъалъан т1аде к1анц1ула щайт1ан нужее х1ила макро гьабизе. Тохлъукьего, рак1алда гьеч1еб рахъалъан тущман т1аде к1анц1араб мехалъ гьес зарал к1удияб гьабула. **Дица гьел щайт1аби гьудулзабилъун ва кумекчаг1илъун гьарун руго Аллагьасда иман лъоларел капурзабазе.**
Аллагьасдаса ﷻ х1инкъарал муъминзабазе зарал гьабизе к1оларо щайт1аналда. Гьелъ ях1 бахъула иман заг1ипал г1адамал къосизаризе. Щайт1аби капурзабазул гьудулзаби ва кумекчаг1и рук1ин буго гьел капурал г1адамалгун цадахъ лъугьун исламияб диналдаса ва Аллагь ﷻ цо гьавиялдаса халкъ нахъч1валеллъун рук1ин.
Щайт1абиги капурзабиги цо-цазда рекъон гьарулел питнабазул бищунго къабих1аб буго: «Халкъалъул цебет1ей, маданият ва х1урият»-абун берцинал раг1абиги рицун чужуг1адан жинда т1аса шарг1ияб рет1ел бахъизе т1ами, гьелда гьеб берцин бихьизаби. Шарг1ияб рет1елги бахъун жиндир чорхол берцинлъабиги загьир гьарун хьвадараб мехалъ, гьелго г1адамазул сураталда ругел щайт1абаз ч1ужуг1адан гуккун гьей жиндир гьава-напсалъе, шагьваталъе бокьараб х1алалъ жиндаса лазат босулеб алат х1исабалда х1алт1изаюла ва гьей х1урияй инсан йик1ин т1убанго к1оч1он тола.
Т1адег1анав Аллагьасул каламалъул пасах1атлъи ва х1икмат к1удияб бу1киналда т1орит1ел гьабулеб буго: «щайт1аналъ гьелда т1аса рет1ел бахъула»-абураб раг1и. Жиндир напсалъул къадро гьабулев чиясе бокьуларо гьесул черхалъул дагьабниги жив нечолеб бак1 г1адамазда загьирлъизе. Исаламалъул тушбабаз т1аса рет1ел бахъизабун халкъ хьвадизаби гьезул цебегоялдаса нахъе г1уц1ц1ун бугеб, Аллагьасул ﷻ дин ч1унтизабулеб х1иллаяб сиясат (программа) буго. Гьелъул ахираб мурадги буго инсанасул т1абиг1атал шарг1ияб нухдаса рахъун жидерго гьава-напсалъе бокьаншинаб жо гьабиялде руссинари.
Жидер г1авратги загьир гьабун хьвади маданиятги х1уриятги кин бук1унеб? Гьеб буго х1айванлъи ва ах1макълъи. Унго-унгояб маданият буго жинца инсанасул къадроги, гьесул хиралъиги ц1унулеб маданият. Х1акъикъияб маданият буго Т1адег1анав Аллагьасул шарг1алда

рекъон хьвади.

وَإِذَا فَعَلُوا۟ فَـٰحِشَةً قَالُوا۟ وَجَدْنَا عَلَيْهَآ ءَابَآءَنَا
وَٱللَّهُ أَمَرَنَا بِهَا ۗ قُلْ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَأْمُرُ بِٱلْفَحْشَآءِ ۖ
أَتَقُولُونَ عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабулел г1адамаз цо къабих1аб пиша гьабураб мехалъ** (рат1лидаса г1иц1лъун каг1ба рукъалда сверун т1аваф гьаби г1адаб) **гьелъие далил бачун жидеца абулеб буго: «Нижеда нижер умумул ратана гьаб иш гьабулеллъун ва гьеб Аллагьас амру гьабун гьабулеб иш буго» абун.**

Гьез абулаан кин нижеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рукъалда т1аваф гьабулеб, гьесде г1асилъи гьабураб рет1елги т1ад рет1ун бук1адгоян абун. Ц1акъ ах1макъаб хабар гьеч1ищха гьаб!

Гьаб г1адалаб раг1и нахъч1ван Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **дуца гьезда абе Мух1аммад** ﷺ, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вац1ц1адав вуго мушриказ гьесда г1унт1изарулел мукъсанал сипатаздаса, **гьес къабих1аб жо гьабеян амру гьабуларо. Нужеца, щибго лъайги гьеч1ого, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1унт1изабун гьересияб хабар щай бицунеб!-абун**

قُلْ أَمَرَ رَبِّى بِٱلْقِسْطِ ۖ وَأَقِيمُوا۟ وُجُوهَكُمْ عِندَ
كُلِّ مَسْجِدٍ وَٱدْعُوهُ مُخْلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ ۚ
كَمَا بَدَأَكُمْ تَعُودُونَ ﴿٢٩﴾

**29. Дуца мушриказда абе Мух1аммад** ﷺ **: дир Бет1ергьан Аллагьас дида амру гьабун буго кинабго ишалъулъ рит1ухъав вук1а абун. Киналго муъминзабаздаги амру гьабун буго жидеца как балеб мехалъ т1убанго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ руссун, гьесие х1елун, мут1иг1лъун рук1а абун, ва гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат бац1ад гьабун хьваде абунги.**

Ибнукасирица абуна: нужедаги, я гьал мушрикал, нуж гуреб кинабго халкъалдаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабун буго цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабе г1ибадат абун ва гьеб г1ибадатги бит1ун гьабе абун: нужехъе дин босун рач1арал расулаз малъухъин, гьезда нахърилълъун. Т1адег1анав Аллагь жинда разияб, гьес къабул гьабулеблъун бук1ине ккани гьаб к1иго шарт1 буго г1ибадат гьабиялъе:

1- Купру-ширкалдаса бац1ц1адаб бук1ин.

2- Шарг1алъул нухда рекъон бит1ун бук1ин.

**Т1адег1анав Аллагьас нуж ракьалдаса рижараб г1адин гьебго ракьалде руссинарулел руго.** Нужер рижиналъул авалалда нуж щибго жо гьеч1еллъун рук1ана: маг1ишат, лъимал-хъизан, нужер ахирги гьеб бук1ине буго. Кинабго жоги гьанибго тун нуж ракьул чохьонир лъугьине руго. Цоги маг1на гьабуна: иманалда вижарав чи ахир холеб мехалъ иманалда хола, купруялъе вижарав чи ахир холеб

мехалъ купруялда хола абун.

**30. Нужедаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цо къокъа иманалда т1обит1ана, цогияб къокъа жидерго къосиналда тана.**

فَرِيقًا هَدَىٰ وَفَرِيقًا حَقَّ عَلَيْهِمُ ٱلضَّلَٰلَةُ ۗ إِنَّهُمُ ٱتَّخَذُوا۟ ٱلشَّيَٰطِينَ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُم مُّهْتَدُونَ ﴿٣٠﴾

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго, гьесда жиндир пиша щай гьабураб абун гьикъулев чи вук1унаро. Гьаб к1иябилеб къокъа Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир къосиналда теялъе г1ила буго **гьез Т1адег1анав Аллагьги живго тун щайт1аби ккун рук1ин жидее гьудулзабилъун ва квербакъулел вализабилъун. Цинги гьезда рак1алдаги буго гьел ругин бит1араб нухда ва х1акъаб диналда абун.**

**31. Я Адамил лъимал! Нужеца берцинаб ва бац1адаб рет1ел рет1е жамаг1аталда гьоркьор как базе унеб яги каг1ба рукъалда т1авап гьабизе унеб мехалъ.**

۞ يَٰبَنِىٓ ءَادَمَ خُذُوا۟ زِينَتَكُمْ عِندَ كُلِّ مَسْجِدٍ وَكُلُوا۟ وَٱشْرَبُوا۟ وَلَا تُسْرِفُوٓا۟ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلْمُسْرِفِينَ ﴿٣١﴾

Мушрикал каг1ба рукъалда сверун рет1ел т1аса бахъун т1авап гьабулел рук1индал, гьез гьабулеб жо х1арамаб бук1ин бицун рещт1инабураб аят буго гьаб. **Аллагьас нужее кьураб х1алалаб, бац1адаб жоялдасаги кванай, гьеб квана-гьекъеялъулъ г1орхъолъан борч1араб х1ал гьабун исрапчилъиги гьабуге. Х1акълъунго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьесул ризкъи исрап гьабулел г1адамал рокьуларо.** Х1алалаб ва х1арамаб жоялъул г1орхъаби хвезарулел г1адамалги рокьуларо Аллагьасе.

Гьарун Рашид абулев халипаясул местер (врач) вук1ана насранияб диналда вугев, жив ц1акъ лебалав т1иб г1елмуялъулъ (медицина). Гьав местерас цо г1алим чиясда абуна: «г1елму абулеб жо к1иго бат1ияб буго. цо буго динияб г1елму, цоги буго дунялалъул ва чурхдузул г1елму. Нужер Къуръаналда жаниб т1иб г1елмуялдаса щибго жо батич1о дида»-абун.

Г1алимчияс гьесие жаваб гьабуна: Къуръаналда жаниб т1иб г1елму буго. Гьебги цо аяталъул бащалъиялда жаниб бак1арун буго-абун. Цинги жинца аят ц1алана: «Нужеца т1аг1ам кванай, гьекъолел жалги гьекъе ва амма исрап гьабуге»-абун.

Хадуб насранияс абуна: нужер аварагасдаса гьеч1о гурищ гьеб т1ибалъул х1акъалъулъ бицараб жого-абун. Г1алимчияс абуна: нижер аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ т1иб г1елму цох1о х1адисалда жаниб, дагьалго раг1абаздалъун бицана-абун. Гьеб х1адисги буго:

*«Адамил лъималаз жидер чехьг1ан квешеб къвач1а ц1езабуларо. Гьесие г1елаан цодагьалго т1аг1амалъул лукъматал»*-абун. Лукъмат буго цо нухалъ к1алдиб лъолеб жо. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цинги насранияс абуна: «нужер Къуръаналъги, аварагасги Жалинусие щибго жо тун гьеч1о»-абун. Жалинус вуго гьеб заманаялъул мушгьурав т1абиб (врач).

قُلْ مَنْ حَرَّمَ زِينَةَ ٱللَّهِ ٱلَّتِىٓ أَخْرَجَ لِعِبَادِهِۦ وَٱلطَّيِّبَٰتِ مِنَ ٱلرِّزْقِ ۚ قُلْ هِىَ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا خَالِصَةً يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ كَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ٣٢

**32. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, щив чи вугев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1алалаблъун гьабун жиндир лагъзадерие кьураб берцинаб, лъик1аб жо ва гьуинал, лазатал ниг1матал жинца х1арам гьабулев?**

Т1аде рет1изе кьураб берцинаб рет1елги, кваназе кьураб т1аг1амал ниг1маталги. Гьаб раг1иги жагьилиял г1арабиязул г1адат нахъч1ван абураб буго, жидерго напсазе цо-цо жо х1арам гьабулел рук1арал ва каг1баялда т1авап гьабулеб мехалъ т1ад рет1ел гьеч1ого, толох1учго рук1унел.

**Дуца абе Мух1аммад ﷺ, гьаб дунялалда бугеб берцинаб ва лъик1аб рет1елги, гьуинал лазатал т1аг1амалги муъминзабазе ругел руго.** Дунялалда муъминзабиги капурзабиги цадахъ ругелъул гьел ниг1матал капуразеги кьола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, гьел капурзаби жидее ниг1матал кьезе мустах1икъал гьеч1ониги. **Ва амма ахираталда алжаналъул ниг1матал цох1о муъминзабазе гурони рук1унаро.** Алагьас капурал г1адамазе алжанги, гьелъул ниг1маталги х1арам гьарун ругелъул. **Гьадин дица дир х1укмаби баян гьарула ва шарг1иял нухалги загьир гьарула Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укмабазул ва х1икматазул пикру гьабулел ва жидеда гьел рич1ч1унел г1адамазе.**

Ибнухат1ибица абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб х1алалаб ризкъиялдаса нужеца мунпаг1ат босе нужер х1ажат т1убалеб къадаралъ, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат гьабизе нужее сабаб рекъолеб х1алалъ. Муъминзаби дунялалда цоги жоялда х1ажатал рук1унаро. Аллагьасдаги ахир къиямасеб къоялдаги иман лъурав инсанасда рекъараб гьеч1о жинцаги жиндир хъизамалъги ч1ух1арал, хириял т1аг1амал кваназе, жиндир мадугьалихъ вакъун, бакъвараб чадил рекел гьеч1ого цо чиги вук1адго. Исрапчи абураб ц1ар абизе мустах1икъаб буго жинца чехь ц1езег1ан бокьанщинаб жо кваналев чиясда.

Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъулел муъминзабазул г1адат бук1ана лъик1аб, т1ок1аб жо живгуресе кьолеб, жиндиего тохаб заг1ипаб жо

толеб. Гьал г1адамал руго: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ахираталъул ниг1матал жидее хасс гьарурал руго»-абун жидер х1акъалъулъ абурал. Гьал ругелъул жиндир напсадаса цогидасул напс т1асса бищарал, жидер гьава-напсги х1ат1ида гьоркь лъурал, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъиги берда ццебе ч1езабурал.

Нужеца ях1 бахъе нужеда Аллагь гурх1аял, цогидазул ургъел ц1ик1к1ун гьабиялда нужерго напсалъулалдаса. Нужеца боц1и садакъаде кьеялдаги, гьеб данде гьабиялдаса. Нуж ц1уна г1емер кваналел х1айваназда релълъун рук1иналдаса. Г1емер кванаялъ напс бак1 гьабула, г1акъло дагь гьабула, пагьмо хвезабула, унтаби т1аде ц1ц1ала. Хасго рек1ел унтаби, бидул т1аде цуй борхин, бидурихьал къварилъи т1аде ц1ц1ала. Жинда Аллагьсул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: *«Инсанас ц1езе гьабулеб бищунго квешаб къвач1а буго жиндирго чехь»*-абун.

Гьаб раг1и буго х1алалаб жоялдалъун чехь ц1езабурасул х1акъалъулъ. Х1арамаб жоялдалъун чехь ц1езабулев чи дуниялалдаго жинца гьеб чехь ц1адул ц1езабулев чи вуго-абун.

قُلْ إِنَّمَا حَرَّمَ رَبِّيَ ٱلْفَوَٰحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا
بَطَنَ وَٱلْإِثْمَ وَٱلْبَغْيَ بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ وَأَن
تُشْرِكُوا۟ بِٱللَّهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهِۦ سُلْطَٰنًا وَأَن
تَقُولُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٣٣﴾

**33. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, дир Бет1ергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1арам гьабун буго кинабго къабих1аб жо, загьирго гьабизеги ва балъго гьабизеги.** Зина, ц1огь, чи ч1вай, бугьтан лъей, мехтизарулеб, г1акъло инабулеб жо гьекъей ва гьелда релълъаралги. **Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1арам гьабун буго жиндирго напсалъе зарал бугеб ва г1адамазе зарал бугеб г1асилъи, тущманлъи гьабизеги, щибго шарг1ияб г1ила гьеч1ого. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ щибго х1ужа-г1илаги рещт1инабун гьеч1ого гьесдехун ширк гьабиги х1арам гьабуна. Аллагьасул х1акъалъулъ жидеда лъалареб жо бицинеги х1арам гьабуна.** Цо жо х1арамаб буго абун, цогидаб х1алалаб буго абун, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шарг1алда гьеч1еб ва жидеда х1акъикъат лъалареб жо бицине х1арам гьабун буго.

وَلِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ فَإِذَا جَآءَ أَجَلُهُمْ لَا
يَسْتَأْخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ﴿٣٤﴾

**34. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагзаби гьереси гьарурал, Аллагьасда иман лъеч1ел киналго умматазе жал гьалаг гьариялъе ц1араб г1уж буго. Цинги гьеб ц1араб заман жидеда т1аде щвараб мехалъ гьел гьалаг гьари цох1о саг1аталъ нахъбахъуларо, гьеб заман щвелелде цере ккун хвезеги гьаруларо.**

Гьаб аят буго мушриказе г1азабалдалъун х1инкъи кьун рещт1инабураб. Цо г1алимзабаца гьаб аяталъул цоги тафсир гьабуна: щибаб умматалъул жиб лъалеб ажал буго. Гьеб ажал я цебе бахъизе, яги нахъе бахъизе к1олеб кинабг1аги къуват гьеч1о абун (мунтахаб)

يَٰبَنِيٓ ءَادَمَ إِمَّا يَأۡتِيَنَّكُمۡ رُسُلٞ مِّنكُمۡ يَقُصُّونَ
عَلَيۡكُمۡ ءَايَٰتِي فَمَنِ ٱتَّقَىٰ وَأَصۡلَحَ فَلَا خَوۡفٌ
عَلَيۡهِمۡ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ٣٥

**35. Я Адамил лъимал! Нужехъе дир аварагзаби рач1араб мехалъ нужеда диналъул ах1камал малъулел ва дир аятал ц1алулел. Гьеб мехалъ нужедаса Аллагьасдаса х1инкъун, аварагзабазда нахърилълъун дие т1аг1ат г1ибадат гьабурал, дидехун г1асилъи тун лъик1аб г1амалги гьабурал,- гьал г1адамазе ахираталда щибго х1инкъи ва пащманлъи бук1ине гьеч1о.**

وَٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَا وَٱسۡتَكۡبَرُواْ عَنۡهَآ
أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٣٦

**36. Гьеб мехалъ дир аварагзаби гьереси гьарурал ва дир шарг1алда нахъги рилълъинч1ел, иман лъезе ва мут1иг1лъизе жал ч1ух1арал г1адамазе жужах1алъул г1азаб бук1ине буго. Гьал г1адамал жужах1алъул агьло буго ва даимго гьенир жанир рук1унелги руго.**

فَمَنۡ أَظۡلَمُ مِمَّنِ ٱفۡتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوۡ كَذَّبَ
بِـَٔايَٰتِهِۦٓۚ أُوْلَٰٓئِكَ يَنَالُهُمۡ نَصِيبُهُم مِّنَ ٱلۡكِتَٰبِۖ
حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَتۡهُمۡ رُسُلُنَا يَتَوَفَّوۡنَهُمۡ قَالُوٓاْ أَيۡنَ
مَا كُنتُمۡ تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِۖ قَالُواْ ضَلُّواْ عَنَّا
وَشَهِدُواْ عَلَىٰٓ أَنفُسِهِمۡ أَنَّهُمۡ كَانُواْ كَٰفِرِينَ ٣٧

**37. Щивха вук1инев жиндир зулму к1удияв чи жинца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **г1унт1изабун гьереси бицунесдаса ва гьесул аяталги гьереси гьарулесдаса? Гьал г1адамазе дунялалъул рокъор рук1адго жидее Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **хъвараб жо щвезе буго. Цинги гьезул ажал лъугьун жидер рух1ал росизе дир малаикзаби т1аде лъугьараб мехалъ гьезда абула: «кир ругел нужер алагьзаби, жидеца квербакъи гьабулел, ах1и бай гьезда нуж хвасар гьаризе»-абун.**

Гьаб раг1и гьезда абула гьезул рак1 къварид гьабизе ва ях1 хвезабизе. **Цинги гьел г1адамаца жаваб гьабула: гьел алагьзаби нижедаса рик1к1алъун руго, гьанже нижер щибго божи ва хьул гьеч1о гьез кумек гьабиялда-абун. Гьеб рух1 бахъилелде цебе гьез напсазе нуг1лъи гьабула гьел капурзаби ва мушрикал рук1иналъе.**

قَالَ ٱدۡخُلُواْ فِيٓ أُمَمٖ قَدۡ خَلَتۡ مِن قَبۡلِكُم مِّنَ
ٱلۡجِنِّ وَٱلۡإِنسِ فِي ٱلنَّارِۖ كُلَّمَا دَخَلَتۡ أُمَّةٞ
لَّعَنَتۡ أُخۡتَهَاۖ حَتَّىٰٓ إِذَا ٱدَّارَكُواْ فِيهَا جَمِيعٗا

38. Къиямасеб къо бач1ун мах1шаралда рахъинаридал **Т1адег1анав Аллагьас гьаб къавмалда абула: нуж жужах1алда жанир лъугьа**

قَالَتْ أُخْرَىٰهُمْ لِأُولَىٰهُمْ رَبَّنَا هَٰٓؤُلَآءِ أَضَلُّونَا فَـَٔاتِهِمْ عَذَابًا ضِعْفًا مِّنَ ٱلنَّارِ قَالَ لِكُلٍّ ضِعْفٌ وَلَٰكِن لَّا تَعْلَمُونَ ٣٨

**нужеда церехун рук1арал ва нужеца гьабураб г1адаб купру-ширк гьабурал г1адамалгун цадахъ: Г1адамал рук1аниги, женал рук1аниги цох1о г1азаб буго нуж киназего. Гьаб жужах1алда жаниб ц1ияб уммат лъугьанщинахъе жидеца гьенир жанир ратарал къавмазе лаг1нат кьола:**

нужеца гьабуралда релълъараб г1амал гьабун ккана ниж гьаб жужах1алда жанир абун. Гьенир жанир рук1араз т1аде рач1аразеги лаг1нат кьола: нуж руго нужецаго нужее зулму гьабурал ва нужее щибго т1ок1лъи гьеч1о нижеда т1ад- абун.

**Цинги киналго къокъаби жужах1алда жанир лъугьинарун т1убараб мехалъ, цереккун рук1арал умматаздехун хадур рач1араз абула: Я нижер бет1ергьан! гьал г1адамал руго ниж къосизарурал. Гьазие дуца нижее гьабулелдаса к1иго нухалъ ц1ик1к1араб г1азаб гьабе абун. Т1адег1анав Аллагьас абула: «Нужер щибаб къокъа буго жидее к1иго нухалъ ц1ик1к1ун г1азаб гьабизе мустах1икъаб»-абун. Амма гьел г1адамазда лъалеб гьеч1о киг1ан гучаб г1азаб жидее бук1ине бугеб.**

Ццересезе к1иго нухалъ г1азаб ц1ик1изабиялъе сабаб буго жалго къосун рук1ин ва жидеца г1адамалги къосинарун рук1ин. Хадусезе г1азаб ц1ик1изе гьабиялъе сабаб буго жидеца купру- ширк гьабун бук1ин ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нухги тун цойги г1адамазул нухалда нахърилълъун рук1ин.

وَقَالَتْ أُولَىٰهُمْ لِأُخْرَىٰهُمْ فَمَا كَانَ لَكُمْ عَلَيْنَا مِن فَضْلٍ فَذُوقُوا۟ ٱلْعَذَابَ بِمَا كُنتُمْ تَكْسِبُونَ ٣٩

**39. Ццерехун рук1арал умматаз хадур рач1аразда абула: «Нужее щибго т1ок1лъи гьеч1о нижедаса, нилъ купру-ширкалъул бащад руго** ва г1азабги бащад бук1ине мустах1икъаб буго»-абун. **Гьанже нужеца ч1аме жужах1алъул г1азаб нужеца дунялалда гьабураб г1амалалъе жазаълъун бук1ун.**

Ниж гьеч1о нуж жужах1алда ах1арал г1адамал абураб маг1на буго гьаб раг1иялъулъ. Цоги тафсир гьабуна гьаб ахираб раг1иялъе: Т1адег1анав Аллагьас гьаб к1иябго къкъаялда абула гьезул рак1 бекизабун ва чара къот1изабун гьанже нужеца ч1аме жужах1алъул г1азаб- абун.

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَٱسْتَكْبَرُوا۟ عَنْهَا لَا تُفَتَّحُ لَهُمْ أَبْوَٰبُ ٱلسَّمَآءِ وَلَا يَدْخُلُونَ ٱلْجَنَّةَ حَتَّىٰ يَلِجَ ٱلْجَمَلُ فِى سَمِّ ٱلْخِيَاطِ

**40. Жал баянал, жидедалъун аварагзаби рач1арал дир аятал гьереси гьарулел ва гьезда иман лъезе ч1ух1арал г1адамазул рух1азе зобал рагьуларо** ва гьел

وَكَذَٰلِكَ نَجۡزِي ٱلۡمُجۡرِمِينَ ٤٠

нахъруссинарун «сижиналда» рит1ула. Гьаб буго капурзабазул рух1ал унеб бак1. «Г1иллиюн» буго зобалазда бугеб муъминзабазул рух1ал унеб бак1.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица. абуна: «Гьазул лъик1аб г1амал эхеде борхуларо ва гьазул дуг1аялъе жаваб гьабуларо»-абун. Ибнужариж абулев г1алимас абуна: гьезул г1амалазе рагьуларо зобал ва рух1азеги рагьуларо абун. **Гьал г1адамал алжаналдаги лъугьуларо рук1к1адул ролълъеналъуса варани лъугьаниги. Гьадинаб жазаъ гьабула дица киналниги г1асиял, пасикъал г1адамазе.**

Гьаб раг1иги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ купру-ширкалъул агьлуялъул алжаналдасан хьул къот1изабун абулеб буго ва гьел мук1ур гьарулеб мисал бачин буго: Гьит1инаб рук1к1адул ролълъеналъусан жанибе варани лъугьунареб г1адин нужги алжаналда лъугьунаро. Гьадин бугелъул тавбо гьабун, купру-ширк тун Аллагьасде русса, гьедин руссине рес бугеб мехалъго.

لَهُم مِّن جَهَنَّمَ مِهَادٞ وَمِن فَوۡقِهِمۡ غَوَاشٖۚ وَكَذَٰلِكَ نَجۡزِي ٱلظَّٰلِمِينَ ٤١

**41. Гьал г1адамазе т1ад регизе бугеб жо жужах1алъул босен буго ва т1аде бачунеб жоги ц1адул юргъан буго. Гьадинаб г1азаб гьабула дица дида ва дир аварагзабазда инкар ккурал киналго зулмучаг1азе.**

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица жинда Аллагь разилъаяв Бараъ ибну Г1азиб абулев асх1абасдасан х1адис бицана:

*«Нижь Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагун цадахъ цо Ансарияв Асх1абасул жаназа букъизе хабалазде ун рук1ана... Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг г1одов ч1ана ва гьесда сверухъ нижги ч1ана ц1акъ сих1 къот1ун, бот1рода т1ад х1инч1 ч1ун бугеб г1адин, рагъарачари тун. Хирияв аварагасда кодоб цо г1уч1ги бук1ана жинца ракьалда тункулеб.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бет1ер т1аде борхана ва гьес абуна: «Нужеца Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *ц1аралдалъун гьаре нуж хабал г1азабалдаса Ц1унаги»-абун. к1иго я лъабго нухалъ абуна гьаб раг1и. Хадубги абуна: «Х1акълъунго муъминав лагъ дунял тун ахираталда унеб мехалъ, гьесухъе зодиса малаикзаби решт1уна, жидер гьурмал хъах1ал, бакъалда релълъарал. Жидеда кодор алжаналдасан рач1арал мусрабиги рук1уна, Х1анут1ги бук1уна. (х1енех1, мах1 гьуинаб жо). Цинги жал гьев муъминчиясда рихьулеб г1адаб манзилалъ рик1к1ад г1одор ч1ола.*

*Цинги вач1ун Малакулмавт гьесул бет1еральда аск1ов г1одов ч1ола ва гьес абула: «Я гьаб Аллагьасулъ х1алхьараб напс, мун бахъа Аллагьасул мунагьал чуриялда ва Аллагь разилъиялда»-абун. Цинги гьеб рух1 къват1ибе бахъун бач1уна рахьалда гьоркьосан рас бач1унеб г1адин х1еренго.*

*Малакулмавтас гьеб рух1 кодоб ккурабго т1аде роргун малаикзабаз гьеб босула ва т1аде х1анут1 бан мусруялъуб лъола. Цинги гьеб рух1алдаса ц1акъ берцинаб мах1 загьирлъула, жинда релълъараб ракьалда т1ад гьеч1еб г1адаб. Гьаб рух1ги босун малаикзаби зодоре рахунаго данде ккарал малаикзабаца абула: «Гьаб щиб ц1акъ лъик1аб, бац1ц1адаб рух1»-абун гьез гьесул ц1ар бицуна бищунго берцинаб ц1аралдалъун.*

*Цинги зобалги рагьуун гьел т1аде риччала ва анкьабилеб зобалда рахуна. Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *рахъалъан гьезда амру гьабула нужеца гьав лагъасул ц1ар хъвай «Г1илиюналда». Цинги гьев ракьалде вуссинаве: дица гьел ракьалдаса рижарал руго, цингиги ракьалдаса т1аде рахъинаризе руго абун. Маллаикзабаз гьев муъминчиясул рух1 жаназаялда т1аде буссинабула.*

*Цинги к1иго малаик вач1ун гьев чи г1одов вук1инавула ва гьесда абула: Дур бет1ергьан щив абун, лагъас абула: Аллагь вуго дир бет1ергьан абун. Цинги гьикъула «дур дин щиб»-абун. Лагъас абула: «дир дин ислам буго»- абун. Малаикзабаз абула: гьав чи щивха вугев нужехъе вит1арав»-абун гьес жаваб гьабула: «гьев вуго Аллагьасул расул»-абун. Цинги гьикъула: «дур г1амал щибха бук1араб»-абун. Гьес абула: Дица Аллагьасул калам ц1алана ва дун гьелда божана ва дица гьеб рит1ухъги гьабуна»-абун. Цинги зодиса ах1улеб гьаракь раг1ула: Дир лагъас бит1араб бицана. Гьесие алжаналъул босен т1аме ва гьесда т1ад алжаналъул рет1елги рет1е абун. Гьесие алжаналъул рагьо рагьун гьенисан ц1акъ гьуинаб мах1ги беччола, жиндир хобги г1ат1ид гьабула.*

*Цинги гьесда т1аде цо берцинаб сураталъул чи лъугьуна жиндир кьер хъах1ав, рет1ел бац1ц1адав, мах1 гьуинав. Гьес абула: «Дуе рохел буго. Дуе къот1и гьабун бук1араб къо буго гьаб»-абун. Гьев чияс гьикъула: «Мун щив кколев»-абун. Т1адевач1арас абула: «Дун буго дуца дунялалда гьабураб лъик1аб г1амал»-абун. Цинги гьев хварав чияс абула: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! дуца къиямасеб къо ч1езабе дун дир агьлогун данделъизе»-абун.*

*Цингиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *инкар ккурав чи хвалда г1агарлъараб мехалъ гьесда зодиса*

*малаикал рит1ула жидер гьурмал ч1ег1ерал ва жидеда кодоб хъач1аб ххамил кесек бугел ва гьел г1одор ч1ола дов чиясе рихьулеб бак1алда. Цинги Малакулмавт вач1ун гьев чиясул бет1ералда аск1ов г1одов ч1ола ва жинца абула: «Я гьаб хъубаб, чорокаб рух1 Мун бахъа Аллагьасул ццим бахъиялда»-абун. Цинги гьеб рух1 х1инкъун чорхолъ жаниб бикь бикьун уна. Цинги гьеб рух1 малаиказ къват1ибе бахъула биччараб квасулъан зазил т1ил бахъулеб г1адин. Цинги малаикзабаз гьеб рух1 доб хъач1аб ххамил кесекалда жаниб лъола: Гьеб мехалъ ц1акъ къабих1аб мах1 бахъуна жегиги ракьалда бахъинч1еб г1адаб. Гьеб рух1ги босун Малаикзаби унаго данде ккаразги гьикъула: «Гьаб щиб ц1акъ квешаб рух1»-абун. Гьез гьесул ц1ар бицула дунялалда гьесда абулеб бук1араб бищунго къабих1аб ц1аралдалъун. Цинги зобалазда рахун дунялалъул зобалъул рагьо рагьи т1алаб гьабидалго жидее рагьо рагьуларо. Аллагьасул рахъалъан жидеда гьаракь раг1ула: «нужеца гьев чиясул ц1ар хъвай бищун гъоркь бугеб ракьалъул «сижиналда»-абун. Цинги малаикзабаца гьев лагъасул рух1 г1одобе рехун тола. Хадуб гьеб дов чиясул черхалде буссинабула.*

*Цинги к1иго малаик вач1ун жодеца гьев г1одов ч1езавула ва гьикъула: дур бет1ергьан щив, дур дин щиб, гьав нужехъе вит1арав чи щив, дур г1амал щиб абун. Цонигиялъе жаваб кьезе к1веч1ого гьев хут1араб мехалъ зодисан ах1улеб гьаракь раг1ула: Дир лагъас гьереси бицана. Нужеца гьесие жужах1алъул босен т1аме, гьесул хабалъе жужах1алъул рагьоги рагье»-абун. Цинги жиндир хабалъе жужах1алъул бух1и ва мах1 бач1уна гьесул хобги данде къала хьабалухъ г1уч1ал цуцалъе лъугьизег1ан. Цинги гьесда т1аде цо къабих1аб сипаталъул чи вач1уна, рет1елги чорокав мах1ги квешав, ва гьес абула: «Дун буго дуца дунялалда гьабураб г1амал»-абун. Цинги хварав чиясги абула: «Я рабби! къиямасеб къо ч1олареб ани»*-абун.

Х1адис дагьаб къокъ гьабун хъвана.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَا نُكَلِّفُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَآ أُوْلَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٤٢﴾

**42. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал, аварагасда нахърилълъун лъик1аб г1амалги гьабурал г1адамал, Дица цониги напсалда т1адги къаларо гьеб напсалъе гьабизе к1олеб жо гурони, дол Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун лъик1аб г1амал гьабурал г1адамал руго алжаналда рук1унел. Даимго гьенир жанир рук1уна.**

Цин алжаналде лъугьинавурав чи гьенисан къват1ив вач1унаро, гьеб ахиратги жиндие ахир гьеч1еб абадияб рукъ буго.

«Дица напсалда т1ад къаларо гьелда гьабизе к1олеб жо гурониян»-

абуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аяталъул гьоркьоб бакlалда ккезабун. Гьаб рагlиялъул хlикмат буго Аллагь разилъи ва лъиклаб ахират щвей гlемер гlакъуба-гlазаб бихьун букlунеб жо гьечlеблъи. Жидер иман загlипал муъминзаби ва иманго лъечlел капурал гlадамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кантlизарулел руго бигьаябго Аллагьасул амруги тlаде босун дунялалда хьвадани абадияб ахираталда даимаб рахlаталда рукlине рес букlиналда.

وَنَزَعۡنَا مَا فِي صُدُورِهِم مِّنۡ غِلّٖ تَجۡرِي مِن
تَحۡتِهِمُ ٱلۡأَنۡهَٰرُۖ وَقَالُواْ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ ٱلَّذِي هَدَىٰنَا
لِهَٰذَا وَمَا كُنَّا لِنَهۡتَدِيَ لَوۡلَآ أَنۡ هَدَىٰنَا ٱللَّهُۖ
لَقَدۡ جَآءَتۡ رُسُلُ رَبِّنَا بِٱلۡحَقِّۖ وَنُودُوٓاْ أَن تِلۡكُمُ
ٱلۡجَنَّةُ أُورِثۡتُمُوهَا بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ٤٣

**43. Алжаналъул агьлуялъул ракlал дица рацlцlад гьарула хlалхъублъи, хlасад, цуим бахъи гlадал квешал тlабигlатал нахъе рахъун**. Жидеда гьоркьоб гьуинлъи рокьа-хинлъи букlуна ва цогидабшинаб жо ракlалдаго кколаро. **Гьел алжаналда жанисан батlи-батlиял нигlматазул гlоралги хьвадулел рукlуна: гьел жанир чlарал бакlазда гъоркьан хьвадула гьел гlорал.**

**Алжаналда жанир ругел муъминзабаца абула: Кинабго рецц Тlадегlанав Аллагьасе буго ниж гьал алжаналъул нигlматазда тlоритlарав. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тlоритlун рукlинчlел ани нижее гьаб алжан щвезе букlинчlо. Ва гьаб алжаналда щолеб нухги лъазе букlинчlо. Нижехъе Аллагьасул дин босун расулалги рачlана ва гьез хlакъаб дин малъун нижеда гьаб нух лъазабуна»-абун. Алжаналъул агьлуялда малаикзабацаги абула: гьаб буго дунялалда нужеца гьабураб лъиклаб гlамалалда данде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьураб алжан абун.**

Имам Къуртlубияс абуна: алжаналда лъугьинари Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цlоб рахlматалдалъун букlуна. Гьенир ругел даражаби гьезул гlамалазда релъълъун рукlуна»-абун.

وَنَادَىٰٓ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَنَّةِ أَصۡحَٰبَ ٱلنَّارِ أَن قَدۡ
وَجَدۡنَا مَا وَعَدَنَا رَبُّنَا حَقّٗا فَهَلۡ وَجَدتُّم مَّا وَعَدَ
رَبُّكُمۡ حَقّٗاۖ قَالُواْ نَعَمۡۚ فَأَذَّنَ مُؤَذِّنُۢ بَيۡنَهُمۡ
أَن لَّعۡنَةُ ٱللَّهِ عَلَى ٱلظَّٰلِمِينَ ٤٤

**44. Цинги алжаналъул агьлуялъ жужахlалда ругезда ахlула: «Тlадегlанав Аллагьас дунялалда рукlадго нижее къотlи гьабураб жо нижее хlакъаблъун батана.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагзаби ритlун гьезул мацlалдалъун муъминзабазе алжан букlин бицун букlана ва гьеб нижее батана. **Нужеда батанищха нужее къотlи гьабун букlараб гlазабги, гlодорегlанлъиги» –**

**абун. Жужах1алъул агьлуялъ жаваб гьабула «Батана»-абун. Цинги цо ах1улев чиясги ах1ула гьаб к1иябго къокъаялда гьоркьоб бак1алдаса: Аллагьасул ﷻ лаг1нат буго кинавго жинца зулму гьабурав чиясе** абун. Аллагьасда инкар ккун рук1арал г1адамазе буго гьеб лаг1нат.

ٱلَّذِينَ يَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَيَبۡغُونَهَا عِوَجٗا وَهُم بِٱلۡأٓخِرَةِ كَٰفِرُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Жидеца Аллагьасул ﷻ х1акъаб диналдаса г1адамал нахъч1валел рук1арал ва жидеца гьет1араб, мекъаб нух т1алаб гьабулеблъун рук1арал,** гьеб нухдаса г1адамал хьвадизаризе. **Ва жидеца ахираталда инкар кколел рук1арал.**

وَبَيۡنَهُمَا حِجَابٞۚ وَعَلَى ٱلۡأَعۡرَافِ رِجَالٞ يَعۡرِفُونَ كُلَّۢا بِسِيمَىٰهُمۡۚ وَنَادَوۡاْ أَصۡحَٰبَ ٱلۡجَنَّةِ أَن سَلَٰمٌ عَلَيۡكُمۡۚ لَمۡ يَدۡخُلُوهَا وَهُمۡ يَطۡمَعُونَ ﴿٤٦﴾

**46. Алжаналдаги жужах1алдаги гьоркьоб цо сангар буго. Гьаб сангаралде т1адги г1адамал руго.** Жидер лъик1лъи ва квешлъи бащад ккун Аллагьас ﷻ жиндир х1икматалдалъун гьеб бак1алда тун ругел: гьезда алжаналъулги жужах1алъулги агьло бихьизе, ва Аллагьас ﷻ жидее гьабулеб жо лъаларого х1айранлъун рук1унел. **Гьал г1адамазда гьурмазул сипатазда балагьун щивав чи лъала:** алжаналда унел г1адамал гьезда гьурмал хъах1аллъун рихьула, жужах1алда унел гьурмал ч1ег1ераллъун рихьула. **Цинги алжаналда унел г1адамазда ралагьун гьез ах1ула: «саламун г1алайкум!»-абун; алжаналде лъугьич1ого рук1ун гьал сангаралда т1ад ругел г1адамал ва гьезул гьенир лъугьине хьулги бук1ун.**

۞وَإِذَا صُرِفَتۡ أَبۡصَٰرُهُمۡ تِلۡقَآءَ أَصۡحَٰبِ ٱلنَّارِ قَالُواْ رَبَّنَا لَا تَجۡعَلۡنَا مَعَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٤٧﴾

**47. Жидер берал жужах1 бугеб рахъалде руссиннаруραб мехалъ ва гьенир ругезе гьабулеб г1азабги бихьараб мехалъ, жидеца абула: «я нижер Бет1ергьан Аллагь! Дуца ниж гьаб залимаб, зулмуяб къавмгун цадахъ жужах1алда лъугьинаруге»-абун.**

Т1адег1анав Аллагьасул каламалъ т1орит1ел гьабулеб буго гьаб сангаралда т1ад ругел г1адамал кидаго алжаналдехун ралагьун рук1иналда: гьеб алжаналда хьул лъун, гьенир ругел г1адамазул берцинлъи бихьун. Цинги, жидеего бокьич1ого, гьал цо-цо мехалъ жужах1алдехун руссинарулел руго. Гьеб жужух1алъул сурукълъиги, гьенир ругел г1адамазул къабих1лъиги бихьараб мехалъ жидеца хехго бер нахъе буссинабулеб буго ва Аллагьасда ﷻ гьарулебги буго ниж

гьеб къавмгун цадахъ гьаруге Бетlергьан Аллагь абун.

**48. Сангаралда тlад ругез жужахlалда жанир ругел цо гlадамазда ахlула, жидеда гьелги лъалел дунялалда капурзабазул бутlрул ва церехъаби рукlиналдалъун. Гьез абула: нужее щибго кумек гьабун гьечlо гурищ нужеца данде бакlарараб боцlиялъ ва нужер дунялалда букlараб чlухlа-къулиялъги абун.**

وَنَادَىٰٓ أَصۡحَٰبُ ٱلۡأَعۡرَافِ رِجَالٗا يَعۡرِفُونَهُم
بِسِيمَىٰهُمۡ قَالُواْ مَآ أَغۡنَىٰ عَنكُمۡ جَمۡعُكُمۡ وَمَا كُنتُمۡ
تَسۡتَكۡبِرُونَ ٤٨

**49. Цинги алжаналъул агьлоялдехун руссун, гьезул рахlаталда ва берцинлъиялда балагьун сангаралда тlад ругез жужахlалда ругездехун гьезул ракl бекизабун абула: гьале гьал муъминзаби руго нуж гьедарулел рукlарал гьезие Алласул рахlмат букlине гьечlин абун. Цинги алжаналда ругездахун руссунги абуна: «Нуж алжаналда жанир рукlа щибго нужее хlинкъи гьечlеллъун ва хадуб кинабгlаги пащманлъи-къварилъи гьечlого»-абун.**

أَهَٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ أَقۡسَمۡتُمۡ لَا يَنَالُهُمُ ٱللَّهُ بِرَحۡمَةٍۚ
ٱدۡخُلُواْ ٱلۡجَنَّةَ لَا خَوۡفٌ عَلَيۡكُمۡ وَلَآ أَنتُمۡ
تَحۡزَنُونَ ٤٩

**50. Жужахlалда жаниса цо гlадамаз алжаналда ругезда ахlула: нижее цодагьаб лъин кье, яги цоги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее кьураб нигlматаздаса щиб букlаниги жо кье.**

وَنَادَىٰٓ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِ أَصۡحَٰبَ ٱلۡجَنَّةِ أَنۡ أَفِيضُواْ
عَلَيۡنَا مِنَ ٱلۡمَآءِ أَوۡ مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُۚ قَالُوٓاْ
إِنَّ ٱللَّهَ حَرَّمَهُمَا عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ ٥٠

Ниж цlакъ къечон, цlаялъ рухlун гьалаг гьарун руго абун. **Гьезие жаваб гьабун алжаналдаса ахlула: Тlадегlанав Аллагьас капурзабазе хlарам гьабун буго алжаналъул лъим ва цогидаб нигlмат-абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасица абуна: жужахlалда ккарал гlадамазда алжаналда ругел жидер гlагарал чагlазда ва гьудулзабилъун рукlаразда ахlула: «ниж рухlун, режун гьалаг лъун руго, нижеда тlаде лъимгlаги тlе!»-абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ изну кьола алжаналда ругезе гьел капуразе жаваб кьезе. Цинги гьез жаваб кьола: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жужахlалъул агьлоялъе хlарам гьабун буго алжаналъул лъим ва цогидал нигlматал»-абун.

**51. Гьал гlадамал руго дунялалъул рокъор Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **дин махсараде кколел рукlарал ва дуниялалъул чlаголъиялъ гуккун ахират кlочон рукlарал. Дида жакъа гьал гlадамал кlочезе руго ва дун**

ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُواْ دِينَهُمۡ لَهۡوٗا وَلَعِبٗا وَغَرَّتۡهُمُ
ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَاۚ فَٱلۡيَوۡمَ نَنسَىٰهُمۡ كَمَا نَسُواْ
لِقَآءَ يَوۡمِهِمۡ هَٰذَا وَمَا كَانُواْ بِـَٔايَٰتِنَا
يَجۡحَدُونَ ٥١

**гьезда валагьизе гьечlо, гьал гlадамазда кlочон букlараб гlадин гьаб къиямасеб къо ва дида цере хlисаб-мизан гьабизе чlейги. Гьединго гьез дир аятазда инкар ккун гьел гьереси гьарулел рукlана.**

Гьедин бугелъул гьал гlадамал жал кlочарал гlадамазда релълъун жужахlалда жанир рукlине руго.

وَلَقَدْ جِئْنَٰهُم بِكِتَٰبٍ فَصَّلْنَٰهُ عَلَىٰ عِلْمٍ
هُدًى وَرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ٥٢

**52. Дун гьаб Маккаялъул агьлоялда вачlана жиндилъ кинабго хlукму баян гьабураб Къуръангун. Дица гьеб иман лъурал гlадамал жинца тlоритlулеб ва гьезие рахlматлъунги бугеб битlараб хlукмулъунги гьабуна.**

هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا تَأْوِيلَهُۥ ۚ يَوْمَ يَأْتِى تَأْوِيلُهُۥ
يَقُولُ ٱلَّذِينَ نَسُوهُ مِن قَبْلُ قَدْ جَآءَتْ
رُسُلُ رَبِّنَا بِٱلْحَقِّ فَهَل لَّنَا مِن شُفَعَآءَ
فَيَشْفَعُوا۟ لَنَآ أَوْ نُرَدُّ فَنَعْمَلَ غَيْرَ ٱلَّذِى
كُنَّا نَعْمَلُ ۚ قَدْ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ وَضَلَّ
عَنْهُم مَّا كَانُوا۟ يَفْتَرُونَ ٥٣

**53. Аллагьасдаги аварагасдаги ﷺ инкар ккурал, Къуръаналда нахъ рилълъунарел гlадамазе хутlараб жо гьечlо гьеб Къуръаналда бицараб гlазаб жидеда бачlин гуреб. Гьеб гlазаб бачlараб мехалъ, гьеб кlочон, бачlинаро абун рукlараз абула: нижехъе аварагзаби рачlун рукlана хlакъаб диналдалъун.**

Амма нижеца гьел ритlухъ гьаричlо ва ниж гьезда нахърилълъинчlо. **Гьанже нижее шапагlат гьабулев чи вукlинарищ? Яги ниж цlидасан дунялалда реччалеланищ иман лъун лъикlаб гlамал гьабизе, цебе гьабураб гlадаб купру-ширк гьабичlого»-абун.**

**Гьал руго жидерго напсал чlорого хъутlизарурал гlадамал ва гьаздаса рикlкlалъана гьез Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабулел рукlарал хъанчалги, алагьзабиги.** Ахират кlочон гьабураб дунялги кодоса борчlана, жидее кумек гьабила абун божи букlарал алагьзабиги ццерего раккичlо.

إِنَّ رَبَّكُمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ
فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ
يُغْشِى ٱلَّيْلَ ٱلنَّهَارَ يَطْلُبُهُۥ حَثِيثًا
وَٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ وَٱلنُّجُومَ مُسَخَّرَٰتٍۭ
بِأَمْرِهِۦٓ ۗ أَلَا لَهُ ٱلْخَلْقُ وَٱلْأَمْرُ ۗ تَبَارَكَ ٱللَّهُ
رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ٥٤

**54. Хlакълъунго жинца анлъго къоялда жаниб зобалги ракьалги рижарав Аллагь вуго нужер Бетlергьан. Хадув жив гlарщалда тlадегlанлъана. Жинца сордоялдалъун къо бахчизабулев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ: хехго жиб тlаде бачlун къоялъул канлъи тlагlинабула сордоялъ. Бакъги, моцlги, цlвабиги кинабго жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хlал кlолъиялдалъун**

**жиб квегъараб буго. Кинабго жо бижиги ва гьелъул тадбир гьабиги Аллагьасда кодоб буго; жинца кинабго г1алам хьихьулев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ц1акъ т1адег1анав, къадро к1удияв вуго.**

Т1адег1анав Аллагьасул бищунго загьирал ва к1удиял х1алк1олъиял рицун руго цох1о гьаб аяталда жинир. «Зобал ракьал рижарал анлъго къоялда жанир». Гьеб анлъго къоги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда х1ажатаб жо гьеч1о. Инсанасе х1исабги лъазе, гьабулеб жоялъул тадбирги ва тартибги (иргалъи) лъазе, г1едег1унгут1и баян гьабизе абуна гьаб раг1и.

Цоги гьаб раг1иялъ абулеб буго: «нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев, нужер тадбир гьабулев ва нужеца жиндие г1ибадат гьабизе т1адав бет1егьан гьаб кинабго махлукъ жинца бижарав, гьелъул тадбир гьабулев хан вуго. Гьадинав гучав ханасе мут1иг1лъи тезе нуж х1инкъа, нужер кинабго божи-хьулги гьав ханасде буссинабе»-абун.

«Цинги жив г1арщалда т1адег1анлъана».

Гьаб г1арщалде т1адег1анлъана, яги г1арщалда т1аде ч1ч1ана абураб раг1и буго жинда иман лъезе т1адаб, гьелъул куц рахъ, кин щиб ц1ехеч1ого тезе т1адабги буго. Жиндир къадро к1одолъиялда рекъараб х1алалъ ч1ана т1адег1анав Аллагь г1арщалда. Гьадин абун бицине нилъеда лъалареб, жиб цоги жоялда релълъинлъизаби бегьулареб, жиб цоги жоялда сверизе гьабун, яги жиб гьеч1о абун гьеб т1адег1анлъиялда инкар кквезеги бегьулареб.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Маликица абуна жинда гьаб раг1иялъул маг1на гьикъараб мехалъ: «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ г1арщалда т1алъи жиб лъалеб жо буго (Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам бугелъул гьеб бицунеб). Кин гьев т1алъарав абуни гьеб нилъеде бицине лъалареб буго (Аллагьасги جَلَّجَلَالُهُ аварагасги гьеб бицун гьеч1елъул). Гьелда иман лъезе т1адабги буго (Аллагьасул калам бугелъул гьеб раг1и). Гьелдаса гьикъардиги бидг1аяб жо буго (Нилъ жинда х1ажат гьеч1еб, хириял асх1абзаби гьикъардич1еб)»абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Имам Ах1мадицаги абуна: «Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ах1валазул ва сипатазул бицунел аятал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бицухъин тола ва гьелдаса ц1ехолдуларо. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ г1арщалда вук1иналда иман лъола нилъеца жиндиего бокьараб х1алалъ, ва бокьараб сипаталдаги. Нилъер гьеб лъазе х1алги к1оларо, г1орхъи ч1вазе гьунарги г1оларо. Нилъеца аятал ц1алула, гьезда иманги лъола, гьениб бицараб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1алазул сипатал лъай живго Т1адег1анав Аллагьасул г1илмуялда т1амун тола»-абун. Мунтахаб абураб тафсиралда «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ г1арщалда т1адег1анлъана»-абураб раг1иялъе маг1на гьабуна: «Аллагьас жиндир кверщел ва ханлъи билълъинабуна зобал-ракьазда т1ад»-абун. Гьаб буго таъвил гьаби ва гьеб салафазул нухалда гьеч1о

ва имамзабаз мекъаблъун рик1араб маг1на гьабиги буго.

Бусурбабазда гьоркьо х1ажат гьеч1еб бах1с ва къецанди бук1унеб масъала буго гьаб. Гьал к1удиял имамзабаз бицараб раг1иги г1ун гьелда г1амал гьабун ч1ч1ей буго иман камилал муъминзабазул т1абиг1ат.

ٱدۡعُواْ رَبَّكُمۡ تَضَرُّعٗا وَخُفۡيَةًۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُعۡتَدِينَ ٥٥

**55. Нужеца Бет1ергьан Аллагьасде дуг1а гьабе: гьесие х1елун, г1адамаздаса балъго, гьесдаса х1инкъун ругеб х1алалъ. Гьев Бет1ергьанасе жидеца г1орхъолъан араб жо гьабулел г1адамал рокьуларо.**

Гьаракь борхун, рак1алда бач1араб щинаб жо гьарун дуг1а гьабулел г1адамал Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ х1елулел ва гьесдаса х1инкъулел рук1унаро.

Ал-Алуси абулев г1алимас Х1асанул Басриясдаса бицана: Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1анкъарал муъминзаби рук1ана жидеца дуг1а гьаби г1емерал ва амма гьезул гьаракь лъидаго раг1уляроан. Гьезул дуг1а бук1ана Аллагьасдаги жидедаги гьоркьоб бугеб балъгояб зигира ва х1ели. Аллагьас лъик1ав муъминчиясе сипат гьабураб бак1алда абулеб буго: «жинца Бет1ергьанасда балъгояб ах1ииялъ ах1араб мехалъ»-абун.

Дуг1а гьабиялъул г1емерал т1адал ва суннатал жал руго: какие чурун вук1ин, къиблаялда вуссун, кверал цере кквей. Аллагьгуреб жоялдаса рак1 бац1ада гьаби, (ай гьев тун бат1ия жоялдаса гьарун гут1и). Дуг1а бай бихьуда ва гьелъул ахиралда хирияв аварагасда свалат салам бит1и. Дуг1а киналго муъминзабазе г1аммаб гьаби. Радакь вахъун, к1ал беччалеб г1ужалъ, рузман къоялъ, суждаялда дуг1а гьаби ва цогидалги.

وَلَا تُفۡسِدُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ بَعۡدَ إِصۡلَٰحِهَا وَٱدۡعُوهُ خَوۡفٗا وَطَمَعًاۚ إِنَّ رَحۡمَتَ ٱللَّهِ قَرِيبٞ مِّنَ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٥٦

**56. Аварагзаби рит1ун, бит1араб динги малъун г1уц1ц1ун бугеб ракьалда т1ад нужеца купру-ширкалдалъун пасалъи гьабуге. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьарулеб мехалъ нужеца гьаре гьесул рах1маталда хьул лъун ва гьесул г1азабалдаса х1инкъун.**

Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъун х1арамаб жо толел ва Аллагьасул алжаналда ва гьев разилъиялда хьуллъун г1ибадатги гьабулел **х1акълъунго лъик1ал муъминзабазда г1агарда буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рах1мат.** Гьезда гьеб рах1мат щвеялде щибго щаклъи гьеч1о.

وَهُوَ ٱلَّذِي يُرۡسِلُ ٱلرِّيَٰحَ بُشۡرَۢا بَيۡنَ يَدَيۡ رَحۡمَتِهِۦۖ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَقَلَّتۡ سَحَابٗا ثِقَالٗا سُقۡنَٰهُ

**57. Жиндир рах1мат лъун бугеб ц1ад балелда цере рохалил чапарзабилъун гьурал рит1улев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго**

لِبَلَدٍ مَّيِّتٍ فَأَنزَلْنَا بِهِ ٱلْمَآءَ فَأَخْرَجْنَا بِهِۦ
مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ ۚ كَذَٰلِكَ نُخْرِجُ ٱلْمَوْتَىٰ
لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ﴿٥٧﴾

**нужер Бетӏергьан. Цинги жидеца лъим баччун гьел накӏкӏал бакӏлъараб мехалъ дица гьеб накӏкӏ цебе къотӏун бачуна бакъвараб, къечараб, жинда тӏад херги бижун гьечӏеб ракьалде. Гьелда тӏад цӏадги базабула ва гьелдалъун хур-херги бижизабула. Гьаб бакъвараб ракьалда тӏад хур-хер бижизабулеб гӏадин, дица хварал гӏадамал чӏаго гьарун ракьул чохьониса тӏаде рахъизарула. Гьаб мисал дица нужее бицулеб буго нужеца вагӏза насихӏат босизе бокьун.**

وَٱلْبَلَدُ ٱلطَّيِّبُ يَخْرُجُ نَبَاتُهُۥ بِإِذْنِ رَبِّهِۦ ۖ وَٱلَّذِى
خَبُثَ لَا يَخْرُجُ إِلَّا نَكِدًا ۚ كَذَٰلِكَ نُصَرِّفُ
ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يَشْكُرُونَ ﴿٥٨﴾

**58. Лъикӏаб, тамахаб, беэнаб ракь бугони гьениб бижунеб жоги лъикӏаб, хӏалухъин цӏикӏун кьолеб ва жиндир мунпагӏат цӏикӏараб букӏуна.**
Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб мисал бачунеб буго жинца вагӏза-насихӏаталдаса мунпагӏат босулев, гьелдалъун жиндир гӏамал лъикӏлъулев муъминчиясул. **Къвакӏараб, цӏамхӏалаб, хӏатӏ-гӏадаб ракь бугони, гьелда тӏад цӏакъго дагьаб ва загӏипаб гурони жо бижуларо.** Гьаб мисал буго капурчиясул, жинца вагӏзаялдаса мунпагӏат босуларев, жиндир тӏабигӏатги ва гьабулеб гӏамалги квешав. **Жидеца щукро гьабулел ва иман лъун лъикӏаб гӏамал гьабулел гӏадамазе дица дир аятал ва шаргӏиял хӏукмаби гьадин баян гьарула.** Гьелдалъун жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталъул ва камиллъиялъул пикру гьабула ва гьелдаса гӏибрат (гӏакъло) босула.

لَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِۦ فَقَالَ يَٰقَوْمِ
ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥٓ إِنِّىٓ أَخَافُ
عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿٥٩﴾

**59. Хӏакълъунго Нухӏ авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ витӏана дица гьесул къавмалда. Гьев Нухӏица абуна: «Я дир къавм! Нужеца лъагълъи гьабе жив цогояв Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ. Нужее цоги Аллагьги гьечӏо жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Нагагь нужеца ширк гьабун Аллагьасдехун جَلَّ جَلَالُهُ щибго жо гӏахьал гьабуни, дун хӏинкъун вуго Аллагьас нужеда тӏад, жиндир амру кӏудияб къиямасеб къоялъ, жинца цӏакъ унтизабулеб гӏазаб биччала абун.**

قَالَ ٱلْمَلَأُ مِن قَوْمِهِۦٓ إِنَّا لَنَرَىٰكَ فِى ضَلَٰلٍ
مُّبِينٍ ﴿٦٠﴾

**60. Гьесул къавмалъул церехъабаз абуна: «Нижеда мун вихьулев вуго, я Нухӏ, хӏакъаб нухдаса ватӏалъун.**
Ниж руго битӏараб жоялда ругел гӏадамал.
Дуца ниж жинда ахӏулеб жо буго къосин ва ахӏмакълъи.

Гьаб буго киналго умматазул церехъабазул х1ал: жал дунялалъ гуккун рук1ун, ханлъиялда, бечелъиялда, рах1ат-лазаталда рук1ун, гьезда рак1алде ккола гьал жидеца Аллагьасде ﷻ ах1улел ва гьесие г1ибадат гьабулел г1адамал ах1макъзаби руго абун.

قَالَ يَٰقَوۡمِ لَيۡسَ بِي ضَلَٰلَةٞ وَلَٰكِنِّي رَسُولٞ مِّن رَّبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٦١﴾

**61. Цинги Нух1ица абуна: я дир къавм! Дун къосун гьеч1о** дида кинабг1аги ах1макълъи, г1узруги гьеч1о. **Дун вуго кинабго г1алам жинца хьихьулев Бет1ергьанасул расул.**

أُبَلِّغُكُمۡ رِسَٰلَٰتِ رَبِّي وَأَنصَحُ لَكُمۡ وَأَعۡلَمُ مِنَ ٱللَّهِ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Дица нужехъе щвезабулеб жоги буго дир Бет1ергьанас дида аманат гьабураб рисалат: нуж Аллагь ﷻ цо гьавун, г1иц1го гьесие г1ибадат гьабиялда ах1и. Дица насих1атги гьабулеб буго нужее лъик1лъи бокьун. Т1адег1анав Аллагьас дида лъазабун буго нужеда лъалареб цо–цо берцинаб ва лъик1аб жо.**

Ибнукасирица абуна: киналго аварагзабазул сипат буго жал пасих1ал, г1акъилал рук1ин. Ваг1за-насих1аталъул маг1на гъваридал, х1еренал рук1ин. Аллагь ﷻ лъалел, умматалда гурх1ел бугел рук1ин. Жинда Аллагьасул салам лъеяв Нух1 аварагги عليه السلام гьадинав х1еренав, х1алимав, сабру к1удияв вук1ана. Гьасул сабру к1одолъи г1еларищ азарго соналда г1агарун заманалъ къавм Аллагьасде ﷻ ах1улев вук1инги, гьеб кинабго заманаялъ къавмалъул зулмо- къварилъи баччун вук1инги.

أَوَعَجِبۡتُمۡ أَن جَآءَكُمۡ ذِكۡرٞ مِّن رَّبِّكُمۡ عَلَىٰ رَجُلٖ مِّنكُمۡ لِيُنذِرَكُمۡ وَلِتَتَّقُواْ وَلَعَلَّكُمۡ تُرۡحَمُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Нужеца г1ажаиблъи щай гьабулеб Аллагьас ﷻ нужедаго гьоркьоса чиясда вах1ю гьабуна абун ва гьев нужеда расуллъун вит1ана абун. Гьеб буго нужеда бугеб гурх1ел-рах1мо ва лъик1лъи. Аллагьасда ﷻ ахираталдаги иман лъеч1они бук1инесеб г1азабалдалъун нужее х1инкъи кьолев вуго гьев расул. Нуж Аллагьасдаса ﷻ х1инкъун хьвадизе ва нужеда гьев гурх1изе сабаблъунги вуго.**

فَكَذَّبُوهُ فَأَنجَيۡنَٰهُ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥ فِي ٱلۡفُلۡكِ وَأَغۡرَقۡنَا ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَآۚ إِنَّهُمۡ كَانُواْ قَوۡمًا عَمِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Нух1 авараг عليه السلام гьереси гьавуна жиндир къавмалъ. Цинги дица гьевги ва иманлъун гьеседа нахърилълъаралги хвасар гьаруна гамаялда т1ад рек1инарун. Дида инкар ккурал, дир**

**аварагги аяталги гьереси гьарурал г1адамал гьанкъизаруна дица. Ц1акъ рак1 беццаб, х1акъаб жо бихьулареб ва лъалареб къавм бук1ана гьев Нух1 аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавм.**

Тафсир гьабурал г1алимзабаца абуна: Адам аварагасда ва Нух1 аварагасда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьоркьоб анц1го къарно (век) бук1ана, гьеб кинабго заманаялъ г1адамал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал рук1ана. Нух1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ цеве Идрис авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вук1ана, амма гьав Нух1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго халкъалда дин босун рит1арал аварагзабазул т1оцевесев. Нух1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ расуллъун вит1иялъе сабаб бук1ана гьеб заманаялда ракьалда т1ад ширк гьабизе байбихьун бук1ин.

Аллагьасе г1ибадат гьабулел, халкъалда дин малъулел лъик1ал г1адамал хвараб мехалъ гьезул хобазда хасаб г1аламат гьабизе, хадуб рукъ(х1ужра) базе бай бихьана г1адамаз. Дагьабги хадуб гьеб хобалде аск1оре рач1ун гьев чиясдаса кумек гьаризе, г1акъло т1алаб гьабизе, гьесда ургъел бикьизе лъугьана. Жеги г1емер замана индал гьел лъик1ал г1адамазул ц1арал лъун хъанчал гьаруна, статуяби гьаруна ва гьезие лагълъи гьабизе бай бихьана. Гьадинаб пасалъи ракьалда т1ибит1араб мехалъ жиндир къавмалда расуллъун вит1ана Нух1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ. ИншаАллагьу гьасул къиса хадубги бицине буго ва гьениб дагьабги г1ат1идго гьесул баян гьабила.

۞ وَإِلَىٰ عَادٍ أَخَاهُمْ هُودًا ۗ قَالَ يَٰقَوْمِ
اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُ ۚ أَفَلَا
تَتَّقُونَ ﴿٦٥﴾

**65. Г1а́дилазул къавмалдаги расуллъун вит1ана жидеда гьоркьоса** бищунго къадро бугев чи **Гьуд абун жинда ц1ар бугев.** Гьаб къавм буго яманалъул къавм. Нух1ил вас, Самил вас, Ирамил вас Г1а́дидасан бижараб, ц1акъ къуватаб, чурхдул ч1ах1ияб халкъ бук1ана гьеб. Жидерго чурхдул гучал ругел г1адин Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъи ва г1адамазе зулму гьабиги ц1акъ гучаб бук1ана гьаб къавмалъул.

Цинги Тадег1анав Аллагьас гьаб къавмалда Гьуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вит1ана жиндир диналда гьеб къавм ах1улев расуллъун. Щибаб къавмалда авараглъун вит1улев чи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1аса вищула гьеб къавмалъул бищунго лъик1аб тухум-кьибилалдаса ва жиндир г1илму-г1акълу бугев, жинда г1адамал мут1иг1лъулев. Амма Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асияб купру-ширкалъул халкъ гьев аварагсда мут1иг1лъич1о абун гьесул къадро-къимат дагьлъуларо ва гьесул г1айиблъунги бук1унаро. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагзаби рит1иялъул х1икматго буго муъминзаби ва капурзаби загьиралда лъазе ва цоцаздаса бат1а рахъун дунялалдаго гьезие жидер г1амалазда релъараб жазаъ гьабизе. Т1убараб жазаъ ва

ахираб х1укму гьабулеб заман къиямасеб къо буго.

**Цинги гьав Гьуд аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир къавмалда абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе цох1о Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ: нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев, нуж ахир къиямасеб къоялъ жинда руссунев. **Нужее гьеч1о гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гурев цоги щивго чи жиндие г1ибадат гьабизе бегьулев** ва жинда к1олев нужее кумек гьабизе. **Нужеца Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъун гьаб дир ваг1за-насих1ат къабул гьабиларищха?»**-абун.

**66. Къавмалдаса капурал г1адамазул церехъабаз Гьуд аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Нижеда мун г1адаллъун вихьулев вуго. Дуца бицунеб жоялда балагьараб мехалъ мун гьереси бицунев чи вугин кколев вуго нижеда»**-абун.

قَالَ ٱلْمَلَأُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦٓ إِنَّا لَنَرَىٰكَ فِى سَفَاهَةٍ وَإِنَّا لَنَظُنُّكَ مِنَ ٱلْكَٰذِبِينَ ﴿٦٦﴾

**67. Гьудица абуна: «Я дир къавм! Дун г1адаллъун гьеч1о, дида кинабг1аги г1акълу заг1иплъи т1аде бач1ун гьеч1о. Кинабго г1алам хьихьулев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж х1акъаб диналда ах1изе расуллъун вит1ун вуго дун.**

قَالَ يَٰقَوْمِ لَيْسَ بِى سَفَاهَةٌ وَلَٰكِنِّى رَسُولٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٦٧﴾

**68. Дица нужехъе щвезе гьабулеб жо буго дир Бет1ергьан Аллагьасул рисалат ва дунги вуго нужее лъик1аб жо малъулев, нуж дида божизе бегьулев рит1ухъав чи-абун.**

أُبَلِّغُكُمْ رِسَٰلَٰتِ رَبِّى وَأَنَا۠ لَكُمْ نَاصِحٌ أَمِينٌ ﴿٦٨﴾

Замахшарияс абуна: Аллагьасул свалат салам лъеял аварагзабазда гьезул къавмаз г1абдалзаби ругин нужан абураб мехалъ, гьезда данде квешаб раг1и абич1ого х1еренаб, х1алимаб раг1и бицин буго берцинаб адабги т1адег1анал т1абиг1аталги гьезул рук1иналъул г1аламат. т1адег1анав Аллагьас лагъзадеридаги лъазабулеб буго ах1макъал г1адамаздехун кинаб хит1аб гьабизе кколеб ва гьездаса бугеб зарал х1ехьон сабру халат гьабизе кколеб х1алги.

**69. Нужеца щибго г1ажаиблъи гьабуге нужер бет1ергьан Аллагьас жиндир рисалат босун, иман лъеч1ого ч1ани ахираталда бук1инеб бугеб г1азабалдалъун х1инкъи кьезе, нужедаго гьоркьоса чи вит1ана абун.** Гьесда нуж ч1ух1уге, гьесда дандеги

أَوَعَجِبْتُمْ أَن جَآءَكُمْ ذِكْرٌ مِّن رَّبِّكُمْ عَلَىٰ رَجُلٍ مِّنكُمْ لِيُنذِرَكُمْ ۚ وَٱذْكُرُوٓا۟ إِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَآءَ مِنۢ بَعْدِ قَوْمِ نُوحٍ وَزَادَكُمْ فِى ٱلْخَلْقِ بَصْۜطَةً ۖ فَٱذْكُرُوٓا۟ ءَالَآءَ ٱللَّهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٦٩﴾

рахъунге. **Нужеца ракӏалде щвезабе, ва нужеда лъай нуж рукӏин Аллагьас ﷻ Нухӏил къавмги гьалаг гьабун, гьезул бакӏалда ракьалда рижарал гӏадамал.** Гьеб къавм гьалаг гьабураб гӏадин нужги гьалаг гьарила Аллагьасде ﷻ гӏасилъани. **Аллагьас ﷻ нужее кьун руго цӏакъ къуватал, кутакал чурхдул. Гьеб Аллагьасул ﷻ нигӏматалъе щукру гьабун, гьеб гурелги цоги гӏемерал нигӏматал нужее рукӏин лъан, гьезда данде щукру гьабун, Аллагьасе мутӏигӏлъун хьвадани, нуж лъикӏлъиялда кверщел батараллъун рукӏина.**

قَالُوٓاْ أَجِئۡتَنَا لِنَعۡبُدَ ٱللَّهَ وَحۡدَهُۥ وَنَذَرَ مَا كَانَ يَعۡبُدُ ءَابَآؤُنَا فَأۡتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ٧٠

**70. Къавмалъ Гьудида абуна: «Мун нижехъе вачӏунищ вугев нижер умумуз жидее гӏибадат гьабурал алагьазабиги жалго тун, цохӏо Аллагьасе ﷻ гӏибадат гьабе абун нижеда амру гьабизе!** Ниж дур амруялде мутӏигӏлъиларо. **Мун авараг ватани ва дуца бицунеб жо битӏараб батани, дуца жиндалъун хӏинкъи кьолеб гӏазабги бачун вачӏа нижехъе,»-абун.**

Ракӏал согӏал, гӏамал кӏудиял рукӏиналъул, иманалъул щибго асар гьечӏолъиялъул гӏаламат буго гьеб гучаб инкар кквей. Жидеца абулеб буго: ахираталда букӏине буго гӏазаб абун нижее хӏинкъи кьола вукӏинчӏого гьабсагӏатго гьабе нижее гӏазаб абун.

قَالَ قَدۡ وَقَعَ عَلَيۡكُم مِّن رَّبِّكُمۡ رِجۡسٞ وَغَضَبٌۚ أَتُجَٰدِلُونَنِي فِيٓ أَسۡمَآءٖ سَمَّيۡتُمُوهَآ أَنتُمۡ وَءَابَآؤُكُم مَّا نَزَّلَ ٱللَّهُ بِهَا مِن سُلۡطَٰنٖۚ فَٱنتَظِرُوٓاْ إِنِّي مَعَكُم مِّنَ ٱلۡمُنتَظِرِينَ ٧١

**71.** Аллагьасул салам лъеяв **Гьудица абуна: «Гьеб нужер гӏорхъолъан борчӏараб куфру сабаблъун нужеда Аллагьасул ﷻ щцим бахьин ва гӏазаб бачӏин хӏакълъана. Нужеца дида данде къец (дагӏба) гьабулебищ бугеб щибго мунпагӏат, я зарал гьабизе кӏоларел хъанчазул хабарги бицун. Гьел хъанчалги нужецаго ва нужер умумуз гьарурал, Аллагьасул ﷻ рахъалъан гьез кумек гьабиялъе ва гьезие лагълъи гьабизе ккеялъе щибго хӏужа-далил гьечӏел жал руго. Гьанже нуж балагьун чӏаха кинаб гӏазабдай Аллагьас ﷻ нужее гьабила абун. Дунги вуго гьеб гӏазаб бачӏиналде валагьун чӏун»-абун.**

فَأَنجَيۡنَٰهُ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥ بِرَحۡمَةٖ مِّنَّا وَقَطَعۡنَا دَابِرَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَاۖ وَمَا كَانُواْ مُؤۡمِنِينَ ٧٢

**72. Гьуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьевгун цадахъ рукӏарал муъминзабиги дица хвасар гьаруна дир цӏоб-рахӏматалдалъун. Ва гьеб дир аятал гьереси гьарураб**

**капураб къавмалъул дица ахир къот1изабуна, кьолболъанго гьезул рижиги бакъвазабуна. Гьеб къавм бук1инч1о жидеца иман лъолеблъун.**

Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ гьел х1инкъич1о, жидер авараг гьереси гьавиги гьез теч1о. Щибго нич ва х1инкъи гьеч1ого куфруялда ва г1амал к1одолъиялда ч1ана. Т1адег1анав Аллагьас гьезие г1азаб гьабизе бит1ана жиндилъ баракат гьеч1еб, жинца наслу-тухум т1аг1инабулеб гьури.

Ибнукасирица абуна: Т1адег1анав Аллагьас гьаб «Г1а́дилал» абулеб къавм ц1акъго г1орхъолъан араб мехалъ жидер зулму-пасалъиялдалъун, лъабго соналъ ц1ад къот1изабуна ва гьел ракъуца хвеялде г1агарлъана. Гьеб заманаялъ г1адат бук1ана ц1ад гьаризе Маккаялде ва Каг1ба рукъалде г1адамал рит1улеб. «Г1а́дил» къавмалъги лъабкъоялда анц1го чи вугеб къокъа бит1ана Маккаялде жидее ц1ад гьаризе.

Гьел г1адамал т1убараб моц1алъ гьекъон-кванан, гъарабашазда кеч1 ах1изабун, кеп босулел рук1ана. Цинги цо г1алахалдеги ун гьез абуна: «Я Аллагь, дуда лъалаха ниж гьанире унтарав чиясде раккизе рач1арал гьеч1еблъи, ва гьесие дару гьабулелги гьеч1еблъи. Нижер асирзаби хвасар гьаризе рач1арал гьеч1еблъиги. Дуца «Г1а́дилазе» ц1ад бай Аллагь, цебеги гьезие балеб бук1араб х1алалъ» – абун.

Цинги гьезда т1аде лъабго бат1ияб нак1к1 бач1ана ва гьез цо ч1ег1ераб нак1к1 т1аса бищун «Гьаб нак1к1 буго лъим г1емераб»- ан абуна. Цинги нак1к1азда гьоркьосан ах1улеб гьаракь раг1ана: «Нужеца т1аса бищана нуж гьалаг гьарулеб, нужер рохьо гьабулеб жо, жинца цониги чи нахъе толареб» – абун. Гьеб гьуриялъ щивав чи зобалазде ворхулев вук1ана ва гьенисан бет1ер г1одобе гьабун ракьалда реч1ч1ун, черхалдаса бет1ер бат1алъун унеб бук1ана-абун. Гьал «Г1а́дилазул» къисса хадубги бач1ине буго, Инша Аллагь.

وَإِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمۡ صَٰلِحٗاۚ قَالَ يَٰقَوۡمِ
ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥۖ قَدۡ
جَآءَتۡكُم بَيِّنَةٞ مِّن رَّبِّكُمۡۖ هَٰذِهِۦ نَاقَةُ
ٱللَّهِ لَكُمۡ ءَايَةٗۖ فَذَرُوهَا تَأۡكُلۡ فِيٓ
أَرۡضِ ٱللَّهِۖ وَلَا تَمَسُّوهَا بِسُوٓءٖ فَيَأۡخُذَكُمۡ
عَذَابٌ أَلِيمٞ ٧٣

**73. Самудияздеги вит1ана дица авараглъун гьезулго къавмалъул чи Ссалих1 عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ.**

Самуд вук1ана Г1асирил вас, гьав Г1асирги Ирамил вас – Нух1ил вас Самил васлъун жив вугев. **Ссалих1ица жиндирго къавмалда абуна: «Я дир къавм, Нужеца цох1о Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабе лагълъи. Нужее гьеч1о цоги кинавг1аги Аллагь жиндие лагълъи гьабизе бегьулев ва**

**жинца кумек гьабулев. Х1акълъунго Аллагьас нужее муг1жизат гьабун буго. Гьаб варани буго гьеб муг1жизат. Нужеца гьеб варани щибго зарал гьабич1ого те Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ракьалда т1ад жиндие бокьараб бак1алда хьвадулеблъун ва бокьараб бак1алдаса хер кваналеблъунги.**

Т1абарияс абуна жиндир къавмалъ муг1жизат бихьизе гьабе абун абидал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьуро хъвалхьинабун гьенисан къват1ибе бач1ана гьеб варани. Хадубги Ссалих1ица абуна: «**Нужеца гьеб вараниялъе щибго къварилъи гьабуни, Аллагьас нужее жинца унтизе гьабулеб г1азаб гьабизе буго»-абун.**

**74. Нужеца рак1алда ч1езабе ваг1залъун ва насих1атлъун нуж «Г1а́дил» къавмги гьалаг гьабун, гьелдаса хадуб заманаялъ ракьалда т1ад халипалъун гьарураблъи. Нуж ракьалда т1ад парахат гьаруна, нужеего бокьухьин рорхатал к1алг1аби разеги риччана. Муг1рул рорлъун гьенир жанирги нужеца рукъзал гьарулел руго нуж жанир ч1езе.**

وَٱذۡكُرُوٓاْ إِذۡ جَعَلَكُمۡ خُلَفَآءَ مِنۢ بَعۡدِ
عَادٖ وَبَوَّأَكُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ تَتَّخِذُونَ
مِن سُهُولِهَا قُصُورٗا وَتَنۡحِتُونَ ٱلۡجِبَالَ
بُيُوتٗاۖ فَٱذۡكُرُوٓاْ ءَالَآءَ ٱللَّهِ وَلَا تَعۡثَوۡاْ
فِي ٱلۡأَرۡضِ مُفۡسِدِينَ ٧٤

Къурт1убияс абуна: «Гьезул г1умру халатаб бук1ун, ракьалда рарал минаби ч1унтулел рук1ана гьел хвелелде цере. Гьедин бугелъул гьез кьурабалъ жанирго рукъзал гьарулел рук1ана.

**Аллагьасул рахъалъан нужее ругел г1емерал ниг1маталги лъай нужеда ва гьезде щукруги гьабе. Нуж ракьалда т1ад пасалъаби гьарун г1асиял, пасикъал г1адамаллъун хьвадуге»**-абун.

**75. Ссалих1ил къавмалъул ч1ух1араб, г1амал к1удияб къокъаялъ абуна Ссалих1ида нахърилълъун иман лъурал муъминзабазда, гьел мискинал, заг1ипаллъун рихьун: «Нужеда лъалищха гьав Ссалих1 عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вит1арав авараг вук1ин?» – абун.**

قَالَ ٱلۡمَلَأُ ٱلَّذِينَ ٱسۡتَكۡبَرُواْ مِن قَوۡمِهِۦ
لِلَّذِينَ ٱسۡتُضۡعِفُواْ لِمَنۡ ءَامَنَ مِنۡهُمۡ
أَتَعۡلَمُونَ أَنَّ صَٰلِحٗا مُّرۡسَلٞ مِّن رَّبِّهِۦۚ
قَالُوٓاْ إِنَّا بِمَآ أُرۡسِلَ بِهِۦ مُؤۡمِنُونَ ٧٥

**Гьез абуна: «Лъала нижеда гьев авараг вук1ин ва нижги гьев Ссалих1 жиндалъун вач1араб рисалаталда иман лъурал руго» – абун.**

**76. Доб ч1ух1араб, бечедаб къавмалъ абуна: «Нижеца инкар кколеб буго нужеца жинда иман лъураб жоялда»** – абун.

قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسۡتَكۡبَرُوٓاْ إِنَّا بِٱلَّذِيٓ
ءَامَنتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ٧٦

فَعَقَرُواْ ٱلنَّاقَةَ وَعَتَوْاْ عَنْ أَمْرِ رَبِّهِمْ وَقَالُواْ يَٰصَٰلِحُ ٱئْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِن كُنتَ مِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٧٧﴾

**77. Цинги жидеца гьеб вараниги хъуна ва гьелги чlухlана Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялда нахърилълъине. Хадуб жидецаги абуна: «Я Ссалихl,** нижеца вараниги хъуна, Аллагьасдеги جَلَّ جَلَالُهُ гlасилъана. **Мун унго-унгояв расул ватани, гьанже вачlаха дуца нижее хlинкъи кьолеб букlараб гlазабги бачун»**-абун. Гьеб рагlи гьез абуна гьев махсароде гьавун ва жидеде гlазабги бачlинаро абун.

فَأَخَذَتْهُمُ ٱلرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُواْ فِى دَارِهِمْ جَٰثِمِينَ ﴿٧٨﴾

**78. Гьал Самудиязда Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **зодиса гучаб гьаракьги, гъоркьан ракь багъариги тlаде биччана ва жидер ракlал кьвагьун гьел руге-ругелъур гlодоре роргун хвана.**

فَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَٰقَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ رِسَالَةَ رَبِّى وَنَصَحْتُ لَكُمْ وَلَٰكِن لَّا تُحِبُّونَ ٱلنَّٰصِحِينَ ﴿٧٩﴾

**79. Гьезде щвараб гучаб гlазаб бихьидалго ракl къварилъун Ссалихl гьездаса вуссана ва пащманлъиялда, хlасратлъиялде ккун жинца абуна: «Я дир къавм! Дица нужехъе дир Бетlергьан Аллагьасул рисалатги щвезабуна, берцинаб насихlат гьабун нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналдеги ахlана. Киниги нужее рокьулел рукlинчlо насихlатчагlи.**

Гьездехун тущманлъи гьабулеб букlана. Гьанже дир насихlаталъ нужее мунпагlат гьабиларо»-абун.

Ибнукасирица абуна: Ссалихlил къавмалъул варани букlана цо къоялъ кинабго лъим гьеб вараниялъе тезе къотlи гьабураб, цогидаб къоялъ къавмалъе букlана гьеб лъим. Вараниялъе лъим бугеб къоялъ жидеца гьеб варани бечlчlун киназего гьекъезе гlезегlанаб рахь щолаан. Гьадин дагьаб замана инелдего капураб къавмалда чlалгlана вараниялъе лъим тун, гьеб бечlчlун рахь гьекъон рукlине ва жидеца киналго гlадамалги рази гьарун ( Ссалихlги гьесда иман лъурал дагьал чагlиги хутlизегlан) варани хъвезе хlукму гьабуна. Гьеб хъвезе тlаде босана кlиго чияс: цояв вукlана бечедай гlаданалъ жинда зина гьабизе разилъун ва боцlи кьун варани хъвезе витlарав. Цогидав вукlана жиндие чlужу ячlунарев сурукъав чи. Гьесие цоги капурай гlаданалъ жиндир цlакъ берцинай яс кьезе къотlи гьабуна.

Гьав кlиявго чияс жидер къавмалдаса бищунго квешал гlадамазул цо

къокъа данде гьабуна ва жидер ич1го чи г1уна. Гьез вараниги хъуна. Гьеб хабар раг1ун кинабго къавм варани бугеб бак1алде бач1ана. Гьениве вач1ун Ссалих1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ г1одана къавмалъ гьабураб жо бихьидал ва жинца абуна: «Нужее лъабго къо буго ч1аго рук1ине» - абун. Дов ич1го чи варани хъун хадур ургъана Ссалих1 ч1вазеги. Жидецаги абуна: «Гьев рит1ухъав авараг ватани, нилъеде г1азаб рещт1инелде цеве нилъеца гьев хвезавила. Гьереси бицунев чи ватани, жиндирго варааниялда хадув вит1ила» – абун. Цинги Ссалих1 ч1вазе абун жал нухда унаго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда т1аде зодисан ганч1ал рехун, бут1рул ч1инт1изарун г1одоре рехана.

Гьедин ич1го чи хун ватараб мехалъ Ссалих1ил къавмалда бич1ч1ана гьев х1акъав авараг вук1ин ва гьезул гьумералъул кьер т1огьиллъана. К1иабилеб къоялде гьурмал баг1араб кьералде сверун рук1ана. Лъабабилеб къоялъ гьезул гьурмал ч1ег1ераллъун лъугьана. Ункъабилеб къоялъул бакъ баккилелде гьел жидецаго черхалда х1анут1ги (х1енех1) бан хвалида х1адурун рук1ана ва щиб г1азаб жидеде бач1инеб лъаларого х1айранлъун рук1ана. Гьеб х1алалда жал рук1аго зодисан гучал гьаркьал рахъун, гъоркьан ракь багъарун щивго чи нахъе хут1ич1ого хун т1аг1ана.

Аллагьас нилълъ ц1унаги жиндир щцим бахъулеб г1амалалдаса. Амин.

**80. Лут1 аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ вит1ана дица жиндир къавмалде. Гьев Лут1ица къавмалде абураб г1ужги рак1алде щвезабе нужеца: «Нужеца ц1акъго къабих1аб жо гьабулеб бугоха, нужедаса цебе гьаб кинабго г1аламалъул цониги къавмалъ гьабич1еб.**

وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِۦٓ أَتَأْتُونَ ٱلْفَٰحِشَةَ مَا سَبَقَكُم بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِّنَ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٠﴾

Гьеб къабих1аб пиша буго бихьинчи бихьинчиясде нахъехун лъугьин, ч1ужуг1аданалдаса г1адин лазат босизе.

**81. Нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ шагьват т1убазе рижарал руччабиги жалго тун, гьеб иш гьабизе бихьиназда аск1оре лъугьунел руго.**

إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ ٱلرِّجَالَ شَهْوَةً مِّن دُونِ ٱلنِّسَآءِ ۚ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُونَ ﴿٨١﴾

Цохло шагьват т1убай, гьелда нахърилълъин буго х1айваназул т1абиг1ат. Г1адамазул т1абиг1ат буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1алал гьабураб х1алалъ бихьиназ ва руччабаз цоцаздасан мурад т1убайи, гьеб мурад т1убаялда жаниб лъимер лъугьинги, жидер наслу нахъе хут1иги, напс х1арамаб жоялдаса ц1униги хал гьабун бук1ин. **Гьеб къабих1аб пиша**

**гьаби гуребги, нуж руго кинабго рахъалъан г1орхъолъан араб жо гьабулеб къавм** ва нужее щибго жоялъул ничги гьеч1о, нужер куфруялъе ахирги гьеч1о.

**82. Лут1 аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **насих1аталъе гьесул къавмалъ лъик1аб жоялдалъун жаваб гьабич1о. Гьеб къавмалъ абуна: «Гьав Лут1ги гьасда божаралги жидер росулъан къват1ире къот1е! Нижеда гьел рихьулел руго нилъеца гьабулеб жоялдаса рац1ц1адаллъун.**

وَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِۦٓ إِلَّآ أَن قَالُوٓاْ أَخْرِجُوهُم مِّن قَرْيَتِكُمْ ۖ إِنَّهُمْ أُنَاسٌ يَتَطَهَّرُونَ ﴿٨٢﴾

Нилъеца гьабулеб пиша гьез къабих1аблъун рик1к1унеб буго. Гьел г1адамал нилъеда гьоркьор бегьуларо.

**83. Цинги Лут1ил къавмалда т1ад г1азаб рещт1инабураб мехалъ дица Лут1ги гьесда иман лъураб агьлуги г1азабалдаса хвасар гьабуна. Гьесул ч1ужу гьайич1о г1азабалдаса йорч1изе.**

فَأَنجَيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ إِلَّا ٱمْرَأَتَهُۥ كَانَتْ مِنَ ٱلْغَٰبِرِينَ ﴿٨٣﴾

Гьей жидеде г1азаб щваразда гьоркьой йик1ана, жинда г1азаб щвезе мустах1икълъун йик1иналъ: Жинца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкарги ккурай, Лут1ие хиянатги гьабурай йик1ун.

**84. Дица гьеб къавмалда т1ад жужах1алъул рух1арал ганч1азул ц1ад базабуна. Мун валагье, дуца пикру гьабе, я гьаб Къуръаналде г1енеккарав чи, кинаб ахир ккараб гьаб г1асияб, пасикъаб, къабих1аб къавмалъул.**

وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿٨٤﴾

Гьев Лут1 вуго жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул эмен Азарил Гьаранил вас. Жинца иман лъун Ибрагьим авараггун цадахъ Лут1 عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ Шамалъул ракьалде вач1ун вук1ана. Гьениб бугеб Садум абулеб ракьалда авараглъун вит1ун гьеб къавм Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ах1улев вук1ана. Гьеб къавм ц1акъ чорокаб къавм бук1ана, цогидал къавмаз гьаруларел г1адал к1удиял мунагьал ва инжитал пишаби жидеца гьарулелги рук1ана. Гьав Лут1 аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ амру-нагью босич1еб мехалъ ва жидеца ракьалда гьарулел пасалъаби г1орхъолъан араб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда т1ад г1азаб рещт1инабуна. Цох1о Лут1ил хъизан гурони иман лъурал рук1инч1о ва гьеб хъизаналдаса Лут1ил ч1ужуги капурай йик1ана. Лут1 аварагасухъе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьобол вач1араб мехалъ гьеб хабар бальго квешаб къавмалде щвезабулаан гьей ч1ужуялъ.

Лутlил къавмалъ гьабулеб буклараб пишаялда ливатl абула. Гьаб буго бихьиназул бугониги руччабазул бугониги, нахъияб рахъалда жимагl гьаби. Гlалимзаби хилиплъана щиб гlакъуба гьабилеб гьадинаб къабихlаб жо гьабурал гlадамазе абун.

Абухlанипал мазгьабалда гьел гlадамал борхатаб кьурулъан гъоркье рехун, хадур ганчlалги реххе абула.

Имам Шапигlияс цо рагlиялъулъ абуна гьал гlадамал чlимих речlчlун чlвала абун, гlолилал ругониги, мухlссинал ругониги. Мухlссин абула шаргlияб ригьин гьабун рос-лъадилъун лъугьун, цоцазда асклор лъугьарал гlадамазда.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ахlмадица жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасидаса бицараб хlадисалда буго: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: нужеда Лутlил къавмалъул гlамал гьабулел цо гlадамал ратараб мехалъ нужеца пагlилги (жинца гьабулев) ва мапгlулги(жинда гьабулев) клиявго чlвай – абун. Цоги гlалимзабаца абуна ливатlалъулги зинаялъулги цого хlукму бугин: гlолилазда нусго тlил кьабила, мухlсинал чlимих речlчlун чlвала абун.

Жиндир чlужуялда нахъияб рахъалда жимагl гьаби клудияб мунагь буго, гьеб гьабулев чиясдаса чlужу ятlа гьайизе ккола.

وَإِلَىٰ مَدْيَنَ أَخَاهُمْ شُعَيْبًا ۗ قَالَ يَٰقَوْمِ
ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥ ۖ قَدْ
جَآءَتْكُم بَيِّنَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ ۖ فَأَوْفُوا۟
ٱلْكَيْلَ وَٱلْمِيزَانَ وَلَا تَبْخَسُوا۟
ٱلنَّاسَ أَشْيَآءَهُمْ وَلَا تُفْسِدُوا۟ فِى
ٱلْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَٰحِهَا ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ
لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٨٥﴾

**85. Мадяналъул къавмалда жидерго чи Шугlайб** عَلَيْهِ السَّلَامُ **витlана авараглъун. Шугlайбица абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе цохlо Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ**. Нужее цоги Аллагь гьечlо** гьав жив цогояв Халикълъун ва Разикълъун вугев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони. **Гьесул рахъалъан нужее баянал хlужабиги рачlун руго дун ритlухъав авараг вуклиналъе нугlлъи гьабулел. Нужеца къалиги цlезабе, цlадироги битlун хlалтlизабе ва гlадамазе хиянат гьабун гьезул боцlи кваназе нухал ралагьуге. Гьаб ракьалда тlад Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **шаргlиял нухал рицунел аварагзаби рачlун хадур, гьел нухал хвезарун пасалъаби гьаруге. Гьаб дица малъулеб жо нужее лъиклаб буго нужер дунялалъе ва ахираталъе. Нуж иман лъурал гlадамаллъун ратани, гьаб дир насихlат къабул гьабе ва Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **гlасилъи те.**

Мадян абулеб шагьарги ва гьелда сверухъ ругел росаби ва ракь буго Хlижазалдасан (Макка-Мадина) Шамалда унеб мехалъ Табук

шагьаралде щвелелде нухда батулеб бак1.

وَلَا تَقْعُدُوا۟ بِكُلِّ صِرَٰطٍ تُوعِدُونَ
وَتَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ مَنْ ءَامَنَ
بِهِۦ وَتَبْغُونَهَا عِوَجًا ۚ وَٱذْكُرُوٓا۟ إِذْ
كُنتُمْ قَلِيلًا فَكَثَّرَكُمْ ۖ وَٱنظُرُوا۟
كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٨٦﴾

**86. Ва нуж г1одор ч1оге киналго г1адамал хьвадулел нухазда, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал, Шуг1айб аварагасде عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ т1аде унел г1адамал нахъч1вазелъун ва гьезие ч1ваялдалъун х1инкъи кьезеги. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ бит1араб нух гьет1араб, мекъаблъунги гьабуге.**

Гьаб заманаялъул къосараб къавмалъ абулеб г1адин: «Гьаб исламияб дин г1акълуялда рекъон кколеб гьеч1о» – абун. Гьаб раг1и абула жидер гьава-напсалъе бокьараб жо диналда жаниб батич1еб мехалъ.

**Нужеца рак1алде щвезабе дагьал, заг1ипал рук1арал нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кин г1емерал ва къуваталлъун гьарураблъи. Ва нужеца пикруги гьабе нужеда церехун рук1арал, жидеца ракьалда т1ад зулму-пасалъи гьабун хьвадарал къавмазул ахир кинабдай бук1ана абун.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьаруна гьел къавмал.

وَإِن كَانَ طَآئِفَةٌ مِّنكُمْ ءَامَنُوا۟
بِٱلَّذِىٓ أُرْسِلْتُ بِهِۦ وَطَآئِفَةٌ لَّمْ يُؤْمِنُوا۟
فَٱصْبِرُوا۟ حَتَّىٰ يَحْكُمَ ٱللَّهُ بَيْنَنَا ۚ وَهُوَ
خَيْرُ ٱلْحَٰكِمِينَ ﴿٨٧﴾

**87. Нужедаса цо къокъа дун авараг вук1иналда ва дун жиндалъун вач1араб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб диналда иман лъурал ругони, цогидаб къокъа жидеца иман лъеч1еб бугони, нуж к1иязго сабру гьабе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цо х1укму загьирлъизег1ан ва жинца нилъеда гьоркьоб х1акъаб х1укмуги гьабизег1ан. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жидеца х1укму гьабулезул бищунго г1адилав ва лъик1ав вуго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Шуг1айб аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абула «аварагзабазул хат1иб»-абун, гьесул мац1 пасих1аб бук1иналъ ва ваг1за берцинаб, рек1елъе бортулеб бук1иналъги. Гьаб аяталда жаниб ц1акъ тамахго бицун ва амма кутакалда рек1елъе унеб х1алалъ бич1ч1изабулеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1укму гьабизе бук1ин рит1араздаги мекъаздаги гьоркьоб ва мекъал чаг1и щал ругелали гьабсаг1атго лъалеб бук1инги. Х1акъаб жо щиб бугебали жинда мух1канго лъалеб бук1аниги, жинда данде ругезда гурх1ел гьабун, гьезда хъач1аб раг1и абич1ого «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда гьоркьоб х1укму гьабизег1ан сабру гьабеян»– абулеб буго. Гьаб буго

пасих1лъиялъул ва г1акъиллъиялъул цо мисал.

**88. Аллагьасда** ﷻ **иман лъезе ва аварагасда нахърилълъине ч1ух1араб къавмалъул церехъабаз абуна: «Я Шуг1айб! Нижеца мунги, дуда иман лъурал г1адамалги гьаб нижер росулъан къват1ире къот1изе руго, яги нуж гьеб ц1ияб динги тун нижер диналде руссине руго»**-абун.

۞ قَالَ ٱلۡمَلَأُ ٱلَّذِينَ ٱسۡتَكۡبَرُواْ مِن قَوۡمِهِۦ لَنُخۡرِجَنَّكَ يَٰشُعَيۡبُ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَعَكَ مِن قَرۡيَتِنَآ أَوۡ لَتَعُودُنَّ فِي مِلَّتِنَاۚ قَالَ أَوَلَوۡ كُنَّا كَٰرِهِينَ ٨٨

Гьезие жаваб гьабун Шуг1айбица абуна: «**Нижее къвариг1унго гьеч1огойищха нужеца ниж ват1аналдаса къват1ире къот1улел ва нужер диналдаги руссинарилел?**»-абун. Гьаб раг1иялъулги гъваридаб маг1на буго: нужее гьеб иш гьедин гьабизе бокьун бугониги, ниж гьелда мут1иг1лъиларо ва нижерго ват1анги динги теларо абураб. Хадубги Щуг1айбица абуна:

**89. Аллагьас** ﷻ **бит1араб нухалда ва бит1араб диналда т1орит1ун хадуб гьеб динги тун нужер диналде ниж руссани, ниж Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан ц1акъ к1удияб гьереси бицарал г1адамал рук1уна. Ниж гьеб бат1улаб диналде руссунаро ва гьеб иш гьабизе ниж разилъуларо, Аллагьасул** ﷻ **х1укму-къадар бук1ун гьесие ниж г1одорег1ан гьаризе бокьани гурони. Нижер бет1ергьан Аллагь жиндир г1елму-лъай кинабго жоялда г1ат1илъарав, сверун лъугьарав вуго. Гьев Аллагьасда** ﷻ **буго нижер таваккал т1амиги. Я нижер бет1ергьан Аллагь, нижедаги гьаб нижер къавмалдаги гьоркьоб дуца х1укму гьабе х1акъаб, бит1араб, жиндилъ зулму гьеч1еб х1укму гьабиялъ. Мун вуго Аллагь** ﷻ **жидеца х1укму гьабулезул бищунго лъик1ав.**

قَدِ ٱفۡتَرَيۡنَا عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا إِنۡ عُدۡنَا فِي مِلَّتِكُم بَعۡدَ إِذۡ نَجَّىٰنَا ٱللَّهُ مِنۡهَاۚ وَمَا يَكُونُ لَنَآ أَن نَّعُودَ فِيهَآ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ رَبُّنَاۚ وَسِعَ رَبُّنَا كُلَّ شَيۡءٍ عِلۡمًاۚ عَلَى ٱللَّهِ تَوَكَّلۡنَاۚ رَبَّنَا ٱفۡتَحۡ بَيۡنَنَا وَبَيۡنَ قَوۡمِنَا بِٱلۡحَقِّ وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلۡفَٰتِحِينَ ٨٩

**90. Цинги гьесул къавмалъул церехъабаз гьеб къавмалда хит1аб гьабун абуна: нуж гьав Шуг1айбида иман лъун гьесда нахърилълъани нуж ц1акъ ч1орого хут1арал рук1ине руго,** нужеца умумузул динги тун мекъаб дин босиялдалъун.

وَقَالَ ٱلۡمَلَأُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِن قَوۡمِهِۦ لَئِنِ ٱتَّبَعۡتُمۡ شُعَيۡبًا إِنَّكُمۡ إِذًا لَّخَٰسِرُونَ ٩٠

**91. Аллагьас** ﷻ **гьеб къавмалде т1ад г1азаб биччана: гучаб ракь**

فَأَخَذَتۡهُمُ ٱلرَّجۡفَةُ فَأَصۡبَحُواْ فِي دَارِهِمۡ جَٰثِمِينَ ٩١

**багъариялъ гьалаг гьарун, жидерго рукъзабахъ хун гlодоре ккаралльун лъугьана.**

ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ شُعَيْبًا كَأَن لَّمْ يَغْنَوْا۟ فِيهَا ۚ
ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ شُعَيْبًا كَانُوا۟ هُمُ ٱلْخَـٰسِرِينَ ﴿٩٢﴾

**92. Жидеца Шугlайб авараг** عليه السلام **гьереси гьавулел рукlарал гlадамал жал чlагого рукlинчlел гlадин тlаглун ана. Жидеца Шугlайб авараг** عليه السلام **гьереси гьавулел рукlарал гlадамал руголъана хlакъикъаталдаги жал чlорого хутlаралльун.** Гьез абухъин Аллагьасда иман лъун Шуглайбида нахърилълъарал муъминзаби рукlинчlо чlорого хутlарал.

فَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَـٰقَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ
رِسَـٰلَـٰتِ رَبِّى وَنَصَحْتُ لَكُمْ ۖ فَكَيْفَ
ءَاسَىٰ عَلَىٰ قَوْمٍ كَـٰفِرِينَ ﴿٩٣﴾

**93. Цинги Шуглайб гьеб къавмалдасан вуссана ва жинца абуна: «Я дир къавм! Хlакълъунго дица нужехъе щвезабуна дир бетlергьан Аллагьасул рисалат ва дун нужеда гурхlун глемер насихlат гьабулевги вукlана. Гьанже кинха дун пащманлъилев Аллагьасда** جل جلاله **инкар ккураб къавмалъе гьес глазаб гьабунин»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Шуглайб аварагасул къиса цогиги суратазда бицун буго ва гьесул къавмалъе гьабураб глазаб батlи-батlияб бицун буго. Гьеб кинабго данде бачиндал гьелъул хlасил буго жидее глазаб гьабулеб къоялъ гьезда тlаде бецlаб наклкl бачlун гьел бецlлъукье ккезаруна. Гьеб наклклгун цадахъ цlадул карачелалги кутакаб бухlиги буклана. Цинги зодисан кутакаб гьаракь бахъана ва гъоркь ракьги клобоклана. Гьезул рухlалги росун ана, чурхдулги роргун ана, чlагого рукlинчlел гладин цохlо лахlзаталъ авалавги ахиравги чи тlаглана.

Аллагьас جل جلاله нилъ цlунаги жиндир глазаб тlад гьабулеб гламалалдаса.

وَمَآ أَرْسَلْنَا فِى قَرْيَةٍ مِّن نَّبِىٍّ إِلَّآ أَخَذْنَآ أَهْلَهَا
بِٱلْبَأْسَآءِ وَٱلضَّرَّآءِ لَعَلَّهُمْ يَضَّرَّعُونَ ﴿٩٤﴾

**94. Щибаб росдал агьлуялда дица авараг витlиндал ва жидеца гьевги гьереси гьавидал, дица гьел гладамазда тlаде цо-цо къварилъи биччана: унти, ракъи** ва цогидабги, **гьел гладамаз иман лъезе бокьун ва Аллагьасде** جل جلاله **мукlурлъун, гьесие глибадат гьабизе бокьунги.**

ثُمَّ بَدَّلْنَا مَكَانَ ٱلسَّيِّئَةِ ٱلْحَسَنَةَ حَتَّىٰ
عَفَوا۟ وَّقَالُوا۟ قَدْ مَسَّ ءَابَآءَنَا ٱلضَّرَّآءُ وَٱلسَّرَّآءُ
فَأَخَذْنَـٰهُم بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٩٥﴾

**95. Цинги гьеб къварилъи тlаса босун гьелъул бакlалда сахлъиги бечелъиги кьолеб букlана, гьел сахлъун, глемерлъун жидеда тlад букlараб къварилъи кlочон лъугьинеглан. Гьеб**

**мехалъ жидеца абулаан: «Гьаб нилъеде щвараб г1адаб ракъи-къеч ва унта-щокълъи нилъер умумуздаги щвараб жо буго, гьаб буго дунялалъул г1адатияб жо, Аллагьасул** ﷻ **рахьалъан бугеб г1азаб гьеч1о»** – абун. Гьаб хабарги бицун гьел г1адамал жидерго куфру-ширкалда т1ад ч1олел рук1ана ва Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие г1ибадат гьабиялда, ахираталда иман лъеялде рач1унел рук1инч1о.

Гьаб каламалъул х1асил буго: Т1адег1анав Аллагьас г1адамазул х1албихьи гьабун, жидеца тавбу гьабизе бокьун гьезда т1аде къварилъаби риччала. Тавбу гьабич1ого г1асилъиялда ч1араб мехалъ, къварилъиялъул бак1алда бечелъи, сахлъи кьун, жидее бокьухъин яшав гьабизе тола, гьел ниг1матал жидее кьурав Аллагь ﷻ вук1ин лъан, гьесие щукру гьабизе бокьун. Ниг1матазда щукруги гьабич1еб мехалъ, мунагьаздаса тавбуги гьабич1еб мехалъ гьезда т1аде г1азаб биччай гуреб цоги сабаб бук1унаро. Гьедин бугелъул Аллагьас ﷻ абулеб буго: **Цинги дица гьеб агьлу тохлъукьего т1аде г1азаб биччан гьалаг гьарула ва жидеде гьеб г1азаб бач1ина абун рак1алдаги бук1унаро.** Иман лъун гьеч1елъул, гьел гъапуллъун рук1уна.

وَلَوۡ أَنَّ أَهۡلَ ٱلۡقُرَىٰٓ ءَامَنُواْ وَٱتَّقَوۡاْ لَفَتَحۡنَا عَلَيۡهِم بَرَكَٰتٖ مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِ وَلَٰكِن كَذَّبُواْ فَأَخَذۡنَٰهُم بِمَا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ﴿٩٦﴾

**96. Гьал г1адамаз ва цогидал къавмаз иман лъун бук1арабани ва Аллагьасдаса** ﷻ **х1инкъун г1ибадатги гьабун бук1арабани,** дица гьезда т1аде г1азаб биччалароан. **Дица зобалазул ва ракьазул рагьаби рагьун гьезие г1емерал ва бат1и-бат1иял ниг1матал кьелаан ва рах1атаб, х1алхьияб яшав гьабизе телаан. Киниги жидеца Аллагьасда** ﷻ **иман лъеч1елъул ва аварагзабиги гьереси гьаридал, дица гьел къавмазде г1азаб биччана гьез гьабулеб бук1араб г1асилъиялъе ва куфру-ширкалъе жазаълъун.**

أَفَأَمِنَ أَهۡلُ ٱلۡقُرَىٰٓ أَن يَأۡتِيَهُم بَأۡسُنَا بَيَٰتٗا وَهُمۡ نَآئِمُونَ ﴿٩٧﴾

**97. Дица гьалаг гьарурал росабазул г1адамал божунищ рук1арал жидеда т1аде Аллагьасул** ﷻ **г1азаб бач1инаро абун къаси гьел кьижун ругеб мехалъ?**

أَوَأَمِنَ أَهۡلُ ٱلۡقُرَىٰٓ أَن يَأۡتِيَهُم بَأۡسُنَا ضُحٗى وَهُمۡ يَلۡعَبُونَ ﴿٩٨﴾

**98. Яги гьел г1адамал божунищ рук1арал жидеде г1азаб бач1инаро абун къад къоялъ, жал лъимал-хъизангун рек1елгъеялда ругеб мехалъ?**

Гьазие къот1и гьабурав чи щив вук1арав, къасиниги къадниги нужеда

г1азаб бач1ине гьеч1ин абун. Щивго чи вук1инч1о гьеб къот1и гьабурав ва гьездасан г1азаб нахъ ч1валев чиги вук1инч1о нагагь гьеб г1азаб бач1ани.

أَفَأَمِنُوا۟ مَكْرَ ٱللَّهِ ۚ فَلَا يَأْمَنُ مَكْرَ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْقَوْمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿٩٩﴾

**99. Гьал г1адамал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ниг1матазул макруялъ гуккунищха рук1арал,** кидаго жал сах-саламат, рах1ат-лазаталда рук1ине руго абун рак1алде ккун, гьедин рук1адго жидеда т1аде г1азабги бач1ун. **Гьедин Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ниг1матазул макруялъ гуккун рук1унаро дунял-ахираталда жал ч1орого хут1улел г1адамал гурони.**

Г1акълуги лъайги бугел г1адамал гуро гьел. Гьел руго х1айваназул даражаялда ругел, кваналеб жо щвани, цоги щибго жоялъул пикру гьабуларел г1адамал.

Х1асанул Басрияс абуна: «Муъминчи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ т1аг1ат г1ибадат гьабулев вук1уна ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ щцим бахъиялдаса х1инкъун, гьесдаса нечонги вук1уна. Г1асияв, къосарав чи Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъун вук1уна ва жив ц1акъ рак1 г1одобе биччан, х1алхьонги вук1уна» – абун.

أَوَلَمْ يَهْدِ لِلَّذِينَ يَرِثُونَ ٱلْأَرْضَ مِنۢ بَعْدِ أَهْلِهَآ أَن لَّوْ نَشَآءُ أَصَبْنَٰهُم بِذُنُوبِهِمْ ۚ وَنَطْبَعُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَهُمْ لَا يَسْمَعُونَ ﴿١٠٠﴾

**100. Гьал къавмалги гьалаг гьарун гьаз т1ад яшав гьабун бук1араб ракьалде рач1арал г1адамазда щибго жо бич1ч1улларищ? Гьел г1адамаз пикру кин гьабулареб Т1адег1анав Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьани, гьезул мунагьал сабаблъун гьелги пасат гьарулеблъи. Капураб, пасикъаб къавмалъул рак1азда дица мугьру ч1ван бук1уна ва гьезда кинабг1аги ваг1за раг1унаро ва жидеца гьеб къабулги гьабуларо.**

تِلْكَ ٱلْقُرَىٰ نَقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ أَنۢبَآئِهَا ۚ وَلَقَدْ جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَمَا كَانُوا۟ لِيُؤْمِنُوا۟ بِمَا كَذَّبُوا۟ مِن قَبْلُ ۚ كَذَٰلِكَ يَطْبَعُ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿١٠١﴾

**101. Дица дуда жидер къиса бицарал росабазул къавмал руго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьал церехун рехсарал:** жидехъе аварагзаби рит1арал, гьел гьереси гьаридал бат1и-бат1ияб г1азаб гьабиялдалъун дица жидее г1азабги гьабурал. **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **х1акъаб динги босун, баянал х1ужабигун ва муг1жизаталгун рач1ана гьезухъе аварагзаби. Амма гьел къавмаз иман лъеч1о ва жидерго куфру-ширкалда ч1ана:** аварагзаби рач1инелде ццебе жидеца

гьабулеб букlараб гlамал течlо ва гьеб гlамал гьабулел рукlун жал гьалаг гьаруна.

**Гьедин щулияб мугьру чlвала тlадегlанав Аллагьас жидеца иман лъезе гьечlеб капуравб къавмалъул ракlазда.** Гьезие вагlза-насихlаталъ асар гьабуларо, мугlжизатаз гьел хlинкъизеги гьаруларо, гьезул ахир руссунеб бакlги жужахl букlуна. Нуж хlинкъа, я гьал аятал рагlулел гlадамал гьадин ракlазда мугьру чlвараздасан рукlине ва вагlза босун, тавбу гьабун Аллагьасе ﷻ гlибадат гьабе!

**102. Дида гьал капурал къавмазул гlемерисел жидеца гьабураб къотlи хвезабулел, кьураб рагlиги кколарел ратана. Дида гьал къавмазул гlемерисел ратана гlасиял, пасикъаллъун.**

وَمَا وَجَدْنَا لِأَكْثَرِهِم مِّنْ عَهْدٍ وَإِن وَجَدْنَا أَكْثَرَهُمْ لَفَٰسِقِينَ ﴿١٠٢﴾

Аллагьасе ﷻ кинабго зарраялъ къотlи гьабун букlана гьел ракьалда рижилелде цебего гьев жидер Бетlергьан вукlиналда мукlурлъун, гьесие гlибадат гьабизе. Гьеб къотlи хвезабуна Аллагьасда ﷻ инкар ккун чlараб капураб къавмалъ.

**103. Гьал цере рицарал аварагзабаздаса хадув дица** Гlимранил вас **Муса** عليه السلام **витlана дир баянал хlужабигун ва гlемерал мугlжизаталгун пиргlавнил къавмалда ва гьезул церехъабазда.**

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنۢ بَعْدِهِم مُّوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَآ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَإِي۟هِۦ فَظَلَمُوا۟ بِهَا فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿١٠٣﴾

Мисриялъул (Египет) ханзабазда пиргlавн абулеб букlана. Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагасул заманаялъ вукlарав хан цlакъго къосарав, залимав хан вукlана, хlатта жив вуго алагь абун кlалъалев. Аллагьас ﷻ гьесие кьураб цо-цо гьунарги букlана. Капурчиясе кlудиял гьунарал кьей Аллагьас ﷻ умматалъул хlалбихьи гьабизе гьабулеб жо букlуна.

**Гьев пиргlавнги гьесул къавмги Мусада нахъ рилълъинчlо ва дир аяталги гьереси гьаруна.** Гlамал кlодолъи ва хlалхъублъи цlикlкlараб къавм букlиналъ щибго жоялде гlенеккизе ва балагьизе къасдго гьабичlо.

**Мун валагьеха ва дуца пикру гьабеха, я гьав инсан, кинаб ахир букlараб абун гьеб залимаб къавмалъул.** Балагьун Муса авараггун ва гьесде иман лъурал муъминзабигун, пиргlавнги гьесул боялги ралъдалъе лъугьизаруна цинги ралъад тlаде биччан гъанкъизаруна.

**104. Муса аварагас** عليه السلام **абуна: «Я пиргlавн, дун вуго кинабго гlалам жинца хьихьулев**

وَقَالَ مُوسَىٰ يَٰفِرْعَوْنُ إِنِّى رَسُولٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿١٠٤﴾

**бет1ергьан Аллагьасул** дудеги дур къавмалдеги вит1арав **расул.**

حَقِيقٌ عَلَىٰٓ أَن لَّآ أَقُولَ عَلَى ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْحَقَّ قَدْ جِئْتُكُم بِبَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ فَأَرْسِلْ مَعِىَ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ﴿١٠٥﴾

**105. Дида т1адаб буго дица Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан бицунеб жо х1акъаб бук1ин.**

Ай дица гьереси бицине бегьуларо, дида лъалелъул Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадру ва х1алк1вей. Гьесда кинабго жо лъалеб бук1ин ва цох1о зарра г1анаб жо гьесда балъго хут1улареблъи. **Нужехъе дун вач1ун вуго бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан дун авараг вук1иналде т1орит1ел гьабулел баянал х1ужабигун. Нужеца бануисраилал риччан те дунгун цадахъ** Байтулмукъаддас бугеб ракьалде ине, гьеб бугелъул нижер умумузул ват1ан.

«Ал Бах1ру» абулеб тафсиралда абуна гьел бануисраилал жидер к1удияв эмен Яг1къубил ват1анги тун Мисриялде иналъе сабаблъун бук1ана гьав Яг1къубил лъимал Мисриялда вук1арав Юсуп аварагасухъе عَلَيْهِ السَّلَامُ рач1ин. Гьенир г1умру гьабизе ч1ун, лъимал-хъизанал гьарун гьел г1емерлъун рук1ана. Гьав пирг1авн ханлъиялде вач1араб мехалъ гьес киналго бануисраилал лагъзаллъун гьаруна ва гьезие къварилъи гьабулеб бук1ана. ИншаАллагь, Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ халатаб къиса бицунеб бак1алда гьаб хабар баян гьабила.

قَالَ إِن كُنتَ جِئْتَ بِـَٔايَةٍ فَأْتِ بِهَآ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿١٠٦﴾

**106. Пирг1авница абуна: «Мун авараг вук1иналде т1орит1ел гьабулел г1аламаталгун вач1ун ватани ва дуца бицунеб жоги бит1араб батани, гьеб г1аламат нижеда бихьизабеха» – абун.**

فَأَلْقَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِىَ ثُعْبَانٌ مُّبِينٌ ﴿١٠٧﴾

**107. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир г1анса г1одобе рехана ва гьеб к1удияб борохьлъун сверун ракьалда хьвадизе лъугьана.**

وَنَزَعَ يَدَهُۥ فَإِذَا هِىَ بَيْضَآءُ لِلنَّٰظِرِينَ ﴿١٠٨﴾

**108. Цинги жиндир лъорониб лъун гьенисан къват1ибе квер бахъана ва гьеб балагьарал г1адамазда хъах1аб, гвангъараб нур г1адин бихьана.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Гьеб квералъул гвангъараб, зодобе борхараб нур бук1ана бакъулалдасаги ц1ик1к1араб»-

абун.

**109. Пирг1авнил къавмалъул церехъабаз абуна: «Гьав чи вуго ц1акъ к1удияв сих1ручи.**

قَالَ ٱلۡمَلَأُ مِن قَوۡمِ فِرۡعَوۡنَ إِنَّ هَٰذَا لَسَٰحِرٌ عَلِيمٞ ١٠٩

**110. Гьав Мусае бокьун буго нужер ват1ан Мисриялдаса нуж къват1ир рахъинаризе. Щиб жо гьабун лъик1дай бук1инеб гьав Мусае ва гьасул сих1руялъе?**

يُرِيدُ أَن يُخۡرِجَكُم مِّنۡ أَرۡضِكُمۡۖ فَمَاذَا تَأۡمُرُونَ ١١٠

**111. Пирг1авнил г1акълуч1аг1аца абуна: «Гьав Мусаги гьесул вац Гьарунги цо дагьаб заманалъ те жидее х1укму гьабичлого ва киналго шагьаразда г1адамал данде ах1улел чаг1и рит1е.**

قَالُوٓاْ أَرۡجِهۡ وَأَخَاهُ وَأَرۡسِلۡ فِي ٱلۡمَدَآئِنِ حَٰشِرِينَ ١١١

**112. Гьел шагьараздаса духъе рач1а абе кинавго жинда сих1ру гьабизе лъалев чи.**

يَأۡتُوكَ بِكُلِّ سَٰحِرٍ عَلِيمٖ ١١٢

**113. Шагьараздаса ва росабалъан рак1арун пирг1авнихъе сих1ручаг1и рач1араб мехалъ, гьез абуна: «нижее сайгъат ва шапакъат бук1ине бугищ ниж гьав Мусадаса сих1ру гьабун бергьани?» – абун.**

وَجَآءَ ٱلسَّحَرَةُ فِرۡعَوۡنَ قَالُوٓاْ إِنَّ لَنَا لَأَجۡرًا إِن كُنَّا نَحۡنُ ٱلۡغَٰلِبِينَ ١١٣

**114. Пирг1авница абуна: «Нужее шапакъатал рук1ине руго ва нуж дица диде г1агарде гьаризе руго.**

قَالَ نَعَمۡ وَإِنَّكُمۡ لَمِنَ ٱلۡمُقَرَّبِينَ ١١٤

Дир г1акълучаг1илъун гьарун, кумекчаг1илъун гьарун.

**115. Цинги сих1ручаг1аца Мусаде абуна: «Дуца т1аса бище дуцайищ байбихьилеб сих1ру гьабизе дур г1анса рехун, яги нижецайищ байбихьилеб нижер г1унсби г1одоре рехун» – абун.**

قَالُواْ يَٰمُوسَىٰٓ إِمَّآ أَن تُلۡقِيَ وَإِمَّآ أَن نَّكُونَ نَحۡنُ ٱلۡمُلۡقِينَ ١١٥

**116. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна нужеца рехеян абун.**

**Цинги гьез Жидеда кодор рук1арал кварал ва г1унсби г1одоре рехараб мехалъ, г1адамазул беразе сих1ро гьабуна ва гьел борхьал руго абун рак1алде ккана ва жидеца г1адамал х1инкъизаруна к1удияб сих1руги гьабун.**

قَالَ أَلۡقُواْۖ فَلَمَّآ أَلۡقَوۡاْ سَحَرُوٓاْ أَعۡيُنَ ٱلنَّاسِ وَٱسۡتَرۡهَبُوهُمۡ وَجَآءُو بِسِحۡرٍ عَظِيمٖ ١١٦

Замахшарияс абуна: сихlручагlаца Муса ихтияр гьабизе виччай гьезул рахъалъан бугеб адаб букlана, цо бахlс гьабизе гlадамал данделъараб мехалъ цоцазул хъатир гьабун: жеха нужее бокьараб жо абе, ниж гьелда рази рукlинаян абулеб гlадин.

Цоги гlалимас абуна: гьезул рахъалъан адаб-хъатир букlинчlо Муса ихтияр гьабизе виччай, гьеб букlана Мусада чlухlун, гьев сан гьавичlого абураб рагlи - абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьел сахlирзаби жидерго сихlру гьабизе риччай букlана гьесул гlакълу ва тадбир камилаб букlиналъул гlаламат. Кинабниги ишалдалъун, яги рагlиялдалъун къец гьабизе цеве вахъунев чиясе рекъараб букlуна жинда данде вугев цеве виччан, гьесул гьунар бихьун гьелдасан бергьунеб нух батизаби. Гьел сихlручагlазул сихlру Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ хвезабиялъул асар кlудияб букlана гьеб къавмалъе. Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир гьунар гьабизе виччан, гьес гьабураб гьунар дозда хвезабизе кlун букlинчlебани гlадамазда ракlалде ккелаан гьав Мусаги долго гlадав сихlручи вугин, амма гьездасан гучав, лебалав вугин абун.

Ибнуисхlакъица абуна: «Анцlила щуазарго сахlир вачlана пиргlавниде цере, щивасда кодор гlунсбиги кваралги ругел. Гьеб майданалда жиндирго кумекчагlигун ва агьлу-хъизангун пиргlавнги вукlана. Цинги сихlручагlаца жидеда кодоб бугеб жо гlодобе рехараб мехалъ гьеб майдан ва кlкlалал цlун, цоцазда тlад реклун женкlолел, шуршудулел борхьазул мегlер гlадаб жо лъугьана» – абун.

**117. Дица дир авараг Мусада** عَلَيْهِ السَّلَامُ **вахlю гьабуна дуца дур гlанса гlодобе рехеян абун. Мусаца гlанса гlодобе рехана ва гьеб цо-цо ккун дол гьересиял борхьал къулчlизе лъугьана.**

۞ وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَإِذَا هِىَ تَلْقَفُ مَا يَأْفِكُونَ ﴿١١٧﴾

**118. Гьадин Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мугlжизат хlакъаб букlин загьирлъана ва батlулаб сихlруги ва сихlручагlазул пишаги гlадада ккана.**

فَوَقَعَ ٱلْحَقُّ وَبَطَلَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١١٨﴾

**119. Гьаб данделъиялда пиргlавнги гьесул кумекчагlиги ва гьеседа нахърилълъарал къана ва гьел гlодорегlанлъун нахъруссана.**

فَغُلِبُوا۟ هُنَالِكَ وَٱنقَلَبُوا۟ صَٰغِرِينَ ﴿١١٩﴾

**120. Цинги киналго сихlручагlи сужда гьабун гlодор ккана.**

وَأُلْقِىَ ٱلسَّحَرَةُ سَٰجِدِينَ ﴿١٢٠﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мусаца гьабураб жо сихlро гуреблъи лъана гьезда. Сихlру букlарабани дол жидеца гlодоре

рехарал г1унсбиги кваралги Мусал г1ансаялъ кванан ракьалдаса т1аг1унароан.

قَالُوٓاْ ءَامَنَّا بِرَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٢١

**121. Жидецаги абуна: «Нижеца иман лъуна гьаб кинабго г1алам жинца хьихьулев бет1ергьан Аллагьасда.**

رَبِّ مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ١٢٢

**122. Гьав Муса ва Гьарун аварагасул** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **бет1ергьан Аллагьасда»-абун.**

Гьал сих1ручаг1и радалалдаса къалъизег1ан капурал г1адамал рук1ана, къалъаралдаса хадур муъминзаби лъугьана, къасилелде гьел шагьидзабилъун хванаян абуна Къатадат абулев г1алимас.

Сих1ручаг1аца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат гьабулеб бихьараб мехалъ пирг1авнил кутакаб ццим бахъин загьирлъана. Жив аллагь вуго абун халкъалде рак1алде ккезабун, гьезда т1ад гучаб ханлъи гьабун вук1аго, Муса аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ нахърилълъун, кинабго халкъалда загьир гьабун аза-азарго сих1ручияс Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьаби пирг1авнил аллагьлъиги ханлъиги к1иябго хвеялъул байбихьи бук1ана.

Аллагьасул лаг1нат батарав пирг1авнил х1алк1веч1еб мехалъ Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къезавизе г1акълияб ва г1елмияб нухда, гьев к1анц1ана зулму гьабун Муса къезавиялъул нухде. Гьаб х1ал буго кинавниги залимав, г1асияв инсанасул г1адатлъун бугеб: жив х1ужа-далилалдалъун къезе гьавураб мехалъ къуваталдалъун ва зулмуялдалъун бергьине къасд гьабулеб.

قَالَ فِرۡعَوۡنُ ءَامَنتُم بِهِۦ قَبۡلَ أَنۡ ءَاذَنَ لَكُمۡۖ إِنَّ هَٰذَا لَمَكۡرٞ مَّكَرۡتُمُوهُ فِي ٱلۡمَدِينَةِ لِتُخۡرِجُواْ مِنۡهَآ أَهۡلَهَاۖ فَسَوۡفَ تَعۡلَمُونَ ١٢٣

**123. Пирг1авница абуна: «Нужеца гьав Мусада иманищ лъолеб, дидаги гьикъич1ого, дир изнуги т1алаб гьабич1ого? Х1акълъунго гьеб жо буго нужги Мусаги цоцалъ рекъон гьабураб макру-х1илла. Нужее бокьун буго гьаб Мисриялъул агьлуги гьанисан къват1ибе бахъинабун гьаб ракь бануисраилазе кьезе» - абун.**

Гьаб раг1и Пирг1авница абуна жиндир къавмалъулги Мусада ва бануисраилазда ццим бахъине ва жив бит1араб жо бицуневлъун вихьизе. **Нужеда нахъа лъазе буго кинаб г1азаб дица нужее гьабулеблъи!**

لَأُقَطِّعَنَّ أَيۡدِيَكُمۡ وَأَرۡجُلَكُم مِّنۡ خِلَٰفٖ ثُمَّ لَأُصَلِّبَنَّكُمۡ أَجۡمَعِينَ ١٢٤

**124. Бичасх1аги, дица нужер кверал ва х1ат1ал къот1ила цояб квег1аб, цояб кваранаб, цинги дица нуж гъут1бузда**

**рала ва хвезег1ан гьенир тела.**

قَالُوٓا۟ إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا مُنقَلِبُونَ ﴿١٢٥﴾

**125. Сих1ручаг1аца абуна:** нижее к1вар гьеч1о гьанже дуца щиб жо гьабуниги. **Ниж кин хунги хвезе руго ва нижер руссин бет1ергьан Аллагьасде буго.** Аллагьасе г1оло хвел нижее ц1акъго лъик1аб жо буго.

وَمَا تَنقِمُ مِنَّآ إِلَّآ أَنْ ءَامَنَّا بِـَٔايَٰتِ رَبِّنَا لَمَّا
جَآءَتْنَا ۚ رَبَّنَآ أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَتَوَفَّنَا
مُسْلِمِينَ ﴿١٢٦﴾

**126. Дуца нижее г1азаб гьабизехъин буго ва нижедаса ццимги босулеб буго х1акъал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **аятал рихьараб мехалъ нижеца гьезда иман лъунин абун. Я нижер бет1ергьан Аллагь! Дуца нижее сабру кье ва ниж дуда иман лъураллъун дур аварагасда нахърилълъараллъун хвезеги гьаре!**
Ниж гьаб иман лъеялдаса рахъулеб х1инкъи ва х1алихьалъи нижеде т1аде биччаге ва нижее пирг1авница г1азаб гьабулеб мехалъ гьеб г1азаб х1ехьезе сабруги кье.

وَقَالَ ٱلْمَلَأُ مِن قَوْمِ فِرْعَوْنَ أَتَذَرُ مُوسَىٰ
وَقَوْمَهُۥ لِيُفْسِدُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ وَيَذَرَكَ
وَءَالِهَتَكَ ۚ قَالَ سَنُقَتِّلُ أَبْنَآءَهُمْ وَنَسْتَحْىِۦ
نِسَآءَهُمْ وَإِنَّا فَوْقَهُمْ قَٰهِرُونَ ﴿١٢٧﴾

**127. Пирг1авнил къавмалъул церехъабаз абуна: «Я пирг1авн! Дуца гьав Мусаги гьасул къавмги нилъер ракьалда т1ад пасалъи гьабизе тезейищ ругел? Жидеца мунги дур аллагьзабиги жалго тун, гьезул динги тун, цоги бат1ияб диналде халкъ ах1улел руго гьел».** Гьаб раг1и гьез абуна пирг1авнил ццим бахъинабизе **ва гьес абуна: «Дица бануисраилазул бихьинлъимал ч1вала,** цереги ч1валел рук1араб х1алалъ **ва гьезул ясалги ч1аго тела нилъее гъарабашаллъун рук1ине. Нилъ гьел бануисраилазда т1ад ханлъи ва кверщел бугел руго» – абун.**

قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِ ٱسْتَعِينُوا۟ بِٱللَّهِ
وَٱصْبِرُوٓا۟ ۖ إِنَّ ٱلْأَرْضَ لِلَّهِ يُورِثُهَا مَن يَشَآءُ
مِنْ عِبَادِهِۦ ۖ وَٱلْعَٰقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ ﴿١٢٨﴾

**128. Муса аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир къавмалда абуна: нужеца сабру гьабе ва Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **квербакъи т1алаб гьабе. Х1акълъунго Гьаб ракь Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мулк буго ва гьес жиндие бокьарав чиясе ирсалъе кьола.**
Пирг1авн гьеч1о гьаб ракьалъул бет1ергьан ва гьесухъ гьеч1о ихтиярги. **Ахир-къадги Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аск1об лъик1аб бак1 гьесдаса х1инкъарал муъминзабазе бук1ине буго.**

قَالُوٓا۟ أُوذِينَا مِن قَبْلِ أَن تَأْتِيَنَا وَمِنۢ بَعْدِ مَا

**129. Бануисраилаз Мусада абуна: «Нижее пирг1авница ва гьесул**

جِئۡتَنَاۚ قَالَ عَسَىٰ رَبُّكُمۡ أَن يُهۡلِكَ
عَدُوَّكُمۡ وَيَسۡتَخۡلِفَكُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَيَنظُرَ
كَيۡفَ تَعۡمَلُونَ ١٢٩

**къавмалъ къварилъи гьабулеб бук1ана мун авараглъун вач1инег1ан цебеккун, гьанже мун вач1ун хадубги буго нижее къварилъи гьабулеб.**

Гьаб г1азаб ва къварилъи кидаго нижеда т1ад буго ва нижее гьелдасан хвасарлъиги бихьулеб гьеч1о.

**Муса аварагас** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Дир хьул буго бет1ергьан Аллагьас гьев нужер тущман пирг1авн гьалаг гьавилин ва нуж гьаб ракьалда халипалъунги гьарилин. Цинги бет1ергьан Аллагь валагьизе вуго нужеца щиб г1амалдай гьабулаян.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ниг1матазда щукру гьабун, гьесие т1аг1ат гьабунищ хьвадулел, яги нужерго квешаб т1абиг1аталда т1адищ руссунел»-абун.

Т1адег1анав Аллагьас Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хьул х1акъаблъун гьабуна ва пирг1авнги гьанкъизавун Мисриялъул ракь бануисраилазул ихтияралде ккезабуна.

وَلَقَدۡ أَخَذۡنَآ ءَالَ فِرۡعَوۡنَ بِٱلسِّنِينَ وَنَقۡصٖ
مِّنَ ٱلثَّمَرَٰتِ لَعَلَّهُمۡ يَذَّكَّرُونَ ١٣٠

**130. Цинги Дица пирг1авнил агьлуги къавмги ракьи т1аде биччан къварид гьаруна: пихъал, хурзал ракъвазарун, ц1ад къот1изабун. Гьадинаб къварилъи бач1араб мехалъг1аги жидеца пикру гьабилародай ва ваг1за босилародай абун.**

Зах1малъи, къварилъи бугелъул инсанасул ракl т1ерен гьабулеб ва гьесда Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ ахиратги рак1алда щвезе гьабулеб жо. Ва амма пирг1авнги гьесул къавмги капураб бук1ана ва гьеб къварилъи бихьидал жегиги жидер къосин ва т1ури ц1ик1к1ана.

فَإِذَا جَآءَتۡهُمُ ٱلۡحَسَنَةُ قَالُواْ لَنَا هَٰذِهِۦۖ وَإِن
تُصِبۡهُمۡ سَيِّئَةٞ يَطَّيَّرُواْ بِمُوسَىٰ وَمَن
مَّعَهُۥٓۗ أَلَآ إِنَّمَا طَٰٓئِرُهُمۡ عِندَ ٱللَّهِ
وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ١٣١

**131. Жидее лъик1лъи бач1араб мехалъ гьеб къавмалъ абуна гьаб нижее бук1ине рекъараб, ниж гьелъие мустах1икъал рук1ун бач1араб лъик1лъи буго нужее абун. Цинги цо къварилъи жидеда щвараб мехалъ гьез абулеб буго: «Гьаб буго Мусал ва гьевгун цадахъ ругезул баркат гьеч1олъи» – абун. Гьаб къавмалде щвараб лъик1абги квешабги жо цох1о Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **х1укму- къадаралдалъун буго,** Мусал ва цогидазул баркат гьеч1олъи гьеч1о. **Амма гьаб капураб къавм жидеда гьеб жо бич1ч1уларел ва лъаларел руго.**

Жидеде бач1унеб къварилъи жидерго г1амалаздалъун бук1иналъе мук1урлъулел гьеч1о, гьеб цоги щиб бук1аниги сабабалде

г1унт1изабулеб буго.

**132. Пирг1авнил къавмалъ Муса аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Мун кинаб муг1жизатгун вач1аниги нижее сих1ру гьабизе абун, нижеца дуде иман лъезе гьеч1о ва дуда нахърилълъине гьеч1о»-абун.**

وَقَالُوا۟ مَهۡمَا تَأۡتِنَا بِهِۦ مِنۡ ءَايَةٖ لِّتَسۡحَرَنَا بِهَا
فَمَا نَحۡنُ لَكَ بِمُؤۡمِنِينَ ١٣٢

**133. Цинги дица гьаб къосараб къавмалда т1ад бат1и-бат1иял балагьал риччана, Муса аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **муг1жизатлъун ва гьезие г1азаблъун. Жинца хур-хер гьалаг гьабулеб т1упан биччана (кутакаб ц1ад). Жидер хур-ах кваназе, г1алхудасан херги т1аг1инабизе гарц1ги биччана.**

فَأَرۡسَلۡنَا عَلَيۡهِمُ ٱلطُّوفَانَ وَٱلۡجَرَادَ
وَٱلۡقُمَّلَ وَٱلضَّفَادِعَ وَٱلدَّمَ ءَايَٰتٖ
مُّفَصَّلَٰتٖ فَٱسۡتَكۡبَرُوا۟ وَكَانُوا۟ قَوۡمٗا
مُّجۡرِمِينَ ١٣٣

Гьеб гарц1алъ кинабго жо кванан хадур гьел г1адамазул рет1елги кваназе байбихьана.

**Г1адамазда нац1 базабуна.** Цоги г1алимзабаца абуна рокъоб бук1араб т1ощалида нац1 базабуна – абун. **Къуркъбиги риччана.** Жидер рукъзал ц1ун, кванида жанир лъугьун, бусен-рет1елалда гьоркьоре лъугьун, рах1ат хвезабуна. Цо-цо къверкъ инсанас к1ал рагьарабго к1алдиб к1анц1ун бач1унаан.

**Кинабго лъим биялде сверизе гьабуна:** ицц бук1а, лъар-г1ор бук1а, бидулкьераб лъугьун, гьекъезе к1олареб гьабуна. **Гьединал баянал аятал жидеда рихьаниги гьеб къавм иман лъезе ч1ух1ана ва ц1акъ мунагьал г1емер гьарулеб къавм бук1ана.**

**134. Жидеда т1аде цо къварилъи бач1араб мехалъ гьеб къавмалъ абулеб бук1ана: «Я Муса! Дуца дур Бет1ергьанасда ах1и бай нижедаса гьаб къварилъи борхе абун. Мун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **авараглъи кьун хира гьавун вугелъул, Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **ах1и бан дуца нижедаса гьаб къварилъи-г1азаб т1аса инабуни, нижеца дуда ийман лъела ва мунгун цадахъ бануисраилал нахъе риччала ва гьезие гьабулеб х1акъирлъиги тела»**-абун.

وَلَمَّا وَقَعَ عَلَيۡهِمُ ٱلرِّجۡزُ قَالُوا۟ يَٰمُوسَى ٱدۡعُ
لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِندَكَۖ لَئِن كَشَفۡتَ
عَنَّا ٱلرِّجۡزَ لَنُؤۡمِنَنَّ لَكَ وَلَنُرۡسِلَنَّ
مَعَكَ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ١٣٤

**135. Цинги дица гьеб къавмалдаса къварилъи инабураб мехалъ, гьезие к1удияб г1азаб гьаби (гъанкъизари) т1аде щвезег1ан – гьеб къавмалъ иман**

فَلَمَّا كَشَفۡنَا عَنۡهُمُ ٱلرِّجۡزَ إِلَىٰٓ أَجَلٍ هُم
بَٰلِغُوهُ إِذَا هُمۡ يَنكُثُونَ ١٣٥

**лъезе гьабураб къот1и хвезабулеб бук1ана.**

**136. Дица гьеб квешаб къавмалдаса ццим босана ва гьел ралъдалъ гъанкъизаруна, гьез дир х1акъал аятал гьереси гьари сабаблъун ва гьезул к1вар гьабич1ого г1асилъаби гьарулел рук1иналдалъун.**

فَٱنتَقَمۡنَا مِنۡهُمۡ فَأَغۡرَقۡنَٰهُمۡ فِي ٱلۡيَمِّ بِأَنَّهُمۡ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَا وَكَانُواْ عَنۡهَا غَٰفِلِينَ ١٣٦

**137. Гьаб пирг1авнил къавмалъ инжит гьарун лагълъиялда ч1езарун рук1арал бануисраилазе дица гьеб ракь ирсалъе кьуна: машрикъ-магърибалда щвезег1ан Мисриялъул ва Шамалъул ракь гьезул ихтиаралда гьабуна. Дица жиндилъ баракат гьабураб ракь буго гьеб:** пихъал-хурзал г1емераб, гьава-бакъ рекъараб. **Гьадин Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабураб берцинаб къот1иги т1убана: бануисраилазе эркенлъи кьуна, жидеде щвараб къварилъиялде сабру гьабиялдалъун. Ва дица ч1унтизабуна пирг1авница ва гьесул къавмалъ г1уц1араб ракь. Гьезул хъулби риххизаруна, ракьал ракъвазаруна ва ахалги пихъ кьоларел гьаруна.**

وَأَوۡرَثۡنَا ٱلۡقَوۡمَ ٱلَّذِينَ كَانُواْ يُسۡتَضۡعَفُونَ مَشَٰرِقَ ٱلۡأَرۡضِ وَمَغَٰرِبَهَا ٱلَّتِي بَٰرَكۡنَا فِيهَاۖ وَتَمَّتۡ كَلِمَتُ رَبِّكَ ٱلۡحُسۡنَىٰ عَلَىٰ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ بِمَا صَبَرُواْۖ وَدَمَّرۡنَا مَا كَانَ يَصۡنَعُ فِرۡعَوۡنُ وَقَوۡمُهُۥ وَمَا كَانُواْ يَعۡرِشُونَ ١٣٧

**138. Пирг1авн ва гьесул къавм къибт1иял ралъдалъ гъанкъизарун Муса аварагас** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **ва бануисраилаца ралъад бахана.**
Гьанже Суэцкий канал бугеб бак1алда аск1об бак1 буго гьеб. Къулзум абун ц1ар бугеб ралъад бахана.(Красное море). **Ва гьел жидецаго гьарурал хъанчазе лагълъи гьабулеб цо къавмалда т1аде щвана. Гьеб иш бихьараб мехалъ бануисраилаз абуна: «Я Муса! Дуца нижееги гьаве цо алагь, гьал г1адамаца жидер алагьзабазе гьабулеб х1алалъ нижеца гьесие лагълъи гьабизе» – абун.**

وَجَٰوَزۡنَا بِبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱلۡبَحۡرَ فَأَتَوۡاْ عَلَىٰ قَوۡمٖ يَعۡكُفُونَ عَلَىٰٓ أَصۡنَامٖ لَّهُمۡۚ قَالُواْ يَٰمُوسَى ٱجۡعَل لَّنَآ إِلَٰهٗا كَمَا لَهُمۡ ءَالِهَةٞۚ قَالَ إِنَّكُمۡ قَوۡمٞ تَجۡهَلُونَ ١٣٨

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ах1ун бугеб къавмалъе бокьана гьесдехун ширк гьабизе ва жидеца цоги алагьзабазе лагълъи гьабизе. Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ц1акъ г1ажаиблъана гьезул раг1иялда: Пирг1авнил зулмуги бихьарал, Муса аварагасул к1удиял муг1жизаталги рихьарал г1адамаз гьоркьоб заманго инч1ого Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ г1асилъизе къасд гьабидал жинца абуна: **«Нуж Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ

**к1одолъи, гьесул къуват лъалареб къавм буго»- абун.**

**139. Х1акълъунго гьаб хъанчие лагълъи гьабулеб къавм буго жидеца гьабулеб лагълъи бат1улаб, жидер г1амалги г1адада хвараб къавм.**

إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ مُتَبَّرٞ مَّا هُمۡ فِيهِ وَبَٰطِلٞ مَّا
كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٣٩

**140. Жегиги Мусаца абуна: «Гьаб кинабго г1аламалдаса нуж хира гьарун ругев Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун, цоги щив чи дица ц1ехелев нужее алагьлъун?»-абун.**

قَالَ أَغَيۡرَ ٱللَّهِ أَبۡغِيكُمۡ إِلَٰهٗا وَهُوَ فَضَّلَكُمۡ
عَلَى ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٤٠

Нужер тущбабиги гьалаг гьарун, гьезул ракьалда нужги халипалъун гьарун вугев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие г1ибадат гьабизе х1акъав нужер Бет1ергьан.

141. Нужеда щай к1очон толел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ к1удиял муг1жизатал ва нужее гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб ц1об-рах1муги, гьесдаса нужее ругел г1емерал ниг1маталги. **Нужеца рак1алде щвезабе нужее ц1акъ квешаб г1азаб гьабулел рук1арал пирг1авнил къавмалдаса нуж хвасар гьарураблъи.**

وَإِذۡ أَنجَيۡنَٰكُم مِّنۡ ءَالِ فِرۡعَوۡنَ يَسُومُونَكُمۡ
سُوٓءَ ٱلۡعَذَابِ يُقَتِّلُونَ أَبۡنَآءَكُمۡ
وَيَسۡتَحۡيُونَ نِسَآءَكُمۡۚ وَفِي ذَٰلِكُم
بَلَآءٞ مِّن رَّبِّكُمۡ عَظِيمٞ ١٤١

Ц1акъ зах1матал х1алт1аби малъун инжит гьарулел рук1ана бануисраилал къибт1ияз. **Нужер васалги хъолел рук1арал, ясалги гъарабашаллъун гьарулел рук1арал. Гьаб жо Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан бугеб х1албихьи бук1ана нужее ва к1удияб къварилъиги бук1ана.** Гьаб балагь-къварилъиялдаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж хвасар гьаридал нужеца гьесие щукру кин гьабулареб ва нужеда кин рак1алде бач1унеб гьесдехун ширк гьабизе?

**142. Дица Муса аварагасе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **къот1и гьабуна лъеберго сордо-къоялдалъун,** гьелдаса хадуб Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ дида дуг1а гьабизе. **Хадуб анц1го сордо-къоги т1ад лъун, к1икъого сордо-къолъун т1убана гьесие къот1и гьабураб заман.**

۞وَوَٰعَدۡنَا مُوسَىٰ ثَلَٰثِينَ لَيۡلَةٗ وَأَتۡمَمۡنَٰهَا
بِعَشۡرٖ فَتَمَّ مِيقَٰتُ رَبِّهِۦٓ أَرۡبَعِينَ لَيۡلَةٗۚ
وَقَالَ مُوسَىٰ لِأَخِيهِ هَٰرُونَ ٱخۡلُفۡنِي فِي قَوۡمِي
وَأَصۡلِحۡ وَلَا تَتَّبِعۡ سَبِيلَ ٱلۡمُفۡسِدِينَ ١٤٢

Замахшарияс абуна: мисриялда вук1адго Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ бануисраилазда абун бук1ана гьав пирг1авнил къавмалъул зулмуялдаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ хвасар гьаруни, дун Аллагьасул рахъалъан т1ехь

босун вач1ине вуго. Гьеб т1ехьалда жаниб бук1ине буго нужеца гьабизе кколеб ва тезе кколеб кинабго жоялъул баян-абун. Пирг1авнги гьалаг гьавун бануисраилазги жинцаги ралъад бахун хадуб Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарана жиндихъе т1ехь кье абун, гьаб къавмалда дур дин малъизе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесде амру гьабуна лъеберго къоялъ к1ал ккве абун.

Лъеберго къоялъ к1ал ккун хадуб жиндирго к1алдиб бахъараб мах1 рихун Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ к1ал сивак бахъун бац1ц1ад гьабуна. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда г1айиб ч1вана ва гьес абуна: «Дуда лъаларищ Муса, к1ал ккурав чиясул к1алдиб бугеб мах1 Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мискалъул мах1алдаса гьуинаб бук1унеблъи?»-абун. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабуна цоги анц1го къоялъ к1ал ккве абун. Гьаб заман бук1ана Зулкъаг1ида моц1 ва анц1го къо Зулх1ижаялъулги. Бусурбабаз х1еж бухьунеб ва х1еж гьабулеб заман буго гьеб.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру т1убан хадуб, Муса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ дуг1а гьабизе ине мех щведалго, жиндир вац Гьарун тана къавмалда т1ад амирлъун. **Муса аварагас Гьарунида عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ абуна: «Мун гьаб къавмалъул тадбир гьабулевлъун вук1а дун т1адвуссун вач1инег1ан ва дуца гьезда лъик1аб жоги малъе, гьезда гьоркьоса квешаб, пасатаб жо гьабулеб къавмалда нахъвилълъунге мун»-**абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагас Гьарун аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ насих1ат гьабиялъул маг1на буго муъминзабазда бихьизаби кинаб адаб цоцазда гьоркьоб бук1ине кколеблъи ва гьит1инас к1удиясдаги, к1удияс гьит1инасдаги лъик1аб жоялдалъун насих1ат гьабизе рекъараб бук1ин. Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьеб насих1ат гьабич1оniги, Гьарун авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъизе вук1инч1о. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагзабилъун жидер мунагь кколарел, жинде мут1иг1ал, жидеда г1адамалги нахърилълъунел лъик1ал чаг1и гурони рит1уларо.

وَلَمَّا جَآءَ مُوسَىٰ لِمِيقَٰتِنَا وَكَلَّمَهُۥ رَبُّهُۥ قَالَ رَبِّ أَرِنِىٓ أَنظُرْ إِلَيْكَ ۚ قَالَ لَن تَرَىٰنِى وَلَٰكِنِ ٱنظُرْ إِلَى ٱلْجَبَلِ فَإِنِ ٱسْتَقَرَّ مَكَانَهُۥ فَسَوْفَ تَرَىٰنِى ۚ فَلَمَّا تَجَلَّىٰ رَبُّهُۥ لِلْجَبَلِ جَعَلَهُۥ دَكًّا وَخَرَّ مُوسَىٰ صَعِقًا ۚ فَلَمَّآ أَفَاقَ قَالَ سُبْحَٰنَكَ تُبْتُ إِلَيْكَ وَأَنَا۠ أَوَّلُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٤٣﴾

143. **Цинги Муса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вач1араб мехалъ, дица бихьизабураб г1ужалъ,** жив вач1а абураб Т1ур мег1ералда, **гьесда Бет1ергьанги к1алъараб мехалъ** ва гьеб каламалъул гьуинлъи ва х1еренлъи бихьараб мехалъ, Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ хьул лъуна Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда вихьилародай абун, **ва жинца абуна: «Я дир Бет1ергьан! Дие дур зат-черх загьир гьабе дун дуда**

**валагьизе ва дир рак1 г1одобе буссине» – абун. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **абуна: «Дур х1алк1оларо дун вихьи х1ехьезе.** Гьаб дунялалда дун вихьулеб макъамги гьеч1о. **Кинигин мун гьаб к1удияб мег1ералде валагье,** дица гьелъие дир заталдасан цо дагьаб жо загьир гьабизе буго. **Гьеб мег1ер щибго хиси ккеч1ого хут1ани дуда дун вихьизе вуго»-абун.**

**Т1адег1анав Аллагьас гьеб мег1ералъе жиндир заталдасан цо бут1а загьир гьабураб мехалъ, къвак1араб чаранкьуро бихь-бихъун г1одобе ана ва к1к1алал, нохъаби ва хьит1ал ругеблъун лъугьана. Муса аварag** عَلَيْهِ السَّلَامُ **лъавудаса ун г1одов ккана. Гьоркьоб замана ун лъавуде вач1арабго Муса авараг Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **х1ел-х1едана ва гьес абуна: «Мун Вац1ц1адав** ва Т1адег1анав вуго **Бет1ергьан Аллагь! Дица тавбу гьабуна дир раг1иялдаса мун дида вихьизе бокьун абураб. Дида якъинго лъана мун вихьи х1ехьолареблъи дунялалъул агьлуялъ. Дун дур гучаб х1алк1олъиялда ва дур заталъул т1адег1анлъиялда иман лъуразул авалав вуго» – абун.**

قَالَ يَٰمُوسَىٰٓ إِنِّي ٱصۡطَفَيۡتُكَ عَلَى ٱلنَّاسِ بِرِسَٰلَٰتِي وَبِكَلَٰمِي فَخُذۡ مَآ ءَاتَيۡتُكَ وَكُن مِّنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ﴿١٤٤﴾

**144. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Я Муса! Дица мун т1аса вищун вуго гьаб къавмалдаса дир рисалат гьезухъе щвезабизе. Дица мун т1ок1 гьавуна кинабго халкъалдасан дир калам дуда раг1изе гьабиялдалъун. Дуца дуе кьураб хиралъи ва к1одолъи босе ва мун вук1а жидеца щукру гьабулездаса» – абун.**

وَكَتَبۡنَا لَهُۥ فِي ٱلۡأَلۡوَاحِ مِن كُلِّ شَيۡءٖ مَّوۡعِظَةٗ وَتَفۡصِيلٗا لِّكُلِّ شَيۡءٖ فَخُذۡهَا بِقُوَّةٖ وَأۡمُرۡ قَوۡمَكَ يَأۡخُذُواْ بِأَحۡسَنِهَاۚ سَأُوْرِيكُمۡ دَارَ ٱلۡفَٰسِقِينَ ﴿١٤٥﴾

**145. Дица Муса аварагсухъе кьурал Таврат т1ад хъварал лавх1азда** (гьаб лавх1 сундул бук1араб, кинаб бук1араб абун нилъеца ц1ехеларо, гьелъул бах1сги гьабиларо. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламалде иман лъун тела) **кинабго жоялъул ваг1за-насих1ат хъвана ва киналниги х1укмабазул баянги хъвана. Цинги Мусадеги абуна: «Дуца гьаб Таваратталда т1убараб х1алалъ г1амал гьабе ва гьелъул х1укму щулаго ккун къавмалъухье щвезабе. Гьездаги амру гьабе гьанир ругел х1укмабазул бищунго лъик1азда нахърилълъа абун.**

Масала, къисас босиги т1аса лъугьун тейги к1иябго лъик1аб х1укму буго шарг1алда рекъараб бугелъул, амма т1аса лъугьин г1емер лъик1аб буго. Квешаб г1амал гьабич1ого ч1еялдаса лъик1аб буго гьеб квешаб г1амалалде аск1орего къач1ого Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьаби. Цо

ццим бахъараб иш ккараб мехалъ гьеб ццим къулч1ин лъик1аб буго рец1ел босиялдаса. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1ад лъураб х1алалъ парз т1убалаго рухсаби (бигьалъаби) т1алаб гьабич1ого тей лъик1аб буго.

Цогиги кант1изе рекъараб жо буго: жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагасда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабулеб буго Дуца гьаб Таваратлда бугеб жоялъул бищунго къвак1араб х1укму ккве абун. Гьаб буго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарал, гьес жинде г1агар гьарурал г1адамазул макъам: аварагзабазул ва сиддикъиназул (иманалъулъ рит1ухълъарал). К1иго шарг1ияб х1укмуялдаса лъик1аб т1аса бищи буго лъик1ал муъминзабазул макъам: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун жидеца г1ибадат гьабулел, лъик1аб ахираталда ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вихьиялда хьуллъун хьвадулел. Шарг1иял х1укмабазулъ рухсаби кквей ва бигьаяб х1укму т1аса бищи буго Аллагьасулъ جَلَّ جَلَالُهُ рак1 парахалъич1еб, иман камиллъич1еб агьлуялъул г1амал.

Дунялалъул рукъоб жидеда бицараб мехалъ пуланав х1акимас х1алт1ухъаби т1аса рищулел ругин лъик1аб махщел бугел ва гьезие г1емерго ц1ик1к1араб харжги кьолеб бугин абун, гьев х1акимасул х1алт1и гьабизе рес щвезе бокьун г1емер г1адамал къацандула щивас жиндир махщел ц1ик1к1араб бук1ин бихьизабизе бокьун. Ахираталде иман лъурав чиясдаги гьеб ахираталъул абадиял ниг1матал ва т1адег1анал даражаби т1алаб гьабизе рекъараб буго, гьел даражаби щвей жиндир г1амалалда бараб бугелъул.

Т1адег1анав Аллагьас бануисраилазде хит1аб гьабун абулеб буго: **Дица нужеда рихьизаризе руго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун ракьалда т1ад зулму гьабун хьвадараб пирг1авнил пасикъаб къавмалъул ч1ух1арал к1алг1аби ва кутакал минаби.** Гьел киналго ч1унтун г1одоре ккун руго жаниб бук1араб агьлуги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ральдалъ гъанкъизабун. Нужеда гьел рихьизариги буго нужеца пикру гьабизе ва г1ибрат (г1акълу) босизе Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъаразе ккараб жоялдаса ва нуж гьесде г1асилъич1ого рук1ине.

سَأَصْرِفُ عَنْ ءَايَٰتِيَ ٱلَّذِينَ يَتَكَبَّرُونَ فِي
ٱلْأَرْضِ بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ وَإِن يَرَوْا۟ كُلَّ ءَايَةٍ
لَّا يُؤْمِنُوا۟ بِهَا وَإِن يَرَوْا۟ سَبِيلَ ٱلرُّشْدِ لَا
يَتَّخِذُوهُ سَبِيلًا وَإِن يَرَوْا۟ سَبِيلَ ٱلْغَيِّ
يَتَّخِذُوهُ سَبِيلًا ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَذَّبُوا۟
بِـَٔايَٰتِنَا وَكَانُوا۟ عَنْهَا غَٰفِلِينَ ١٤٦

**146. Гьал дир аятаздаса мунпаг1ат босиялдаса дица нахъч1вазе руго жидеца ракьалда пасалъи гьабулел ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъезе ч1ух1ун хьвадулеб халкъ.**

Гьезул рак1азда мугъру ч1ван, х1акъаб жо бихьиялдаса берал бецц гьарун, х1акъаб жо раг1иялдаса г1ундул г1инкъ гьарун тела гьеб къавм. **Цинги киг1ан к1удиял**

**муг1жизатал рихьаниги жидеца гьезда иман лъоларо. Жидеда х1акъаб, бит1араб нух бихьулеб бук1аниги, гьеб нухалъ хьвадизе жидеца къасдги гьабиларо:** жидер рак1ал беццал ругелъул. **Квешаб, къосараб къавм жиндаса хьвадулеб нух бихьарабго гьеб нухдаса жалги хьвадула. Гьаб амру гьадин бук1иналъе сабаб буго гьез дир аятал гьереси гьарулел рук1ин ва гьезул пикру гьабун, бит1араб нух гьеб бук1ин лъаялда гьел рач1унарого рук1ин.**

Аяталъул къокъаб х1асил буго: Т1адег1анав Аллагьасдаги, гьесул аварагзабаздаги т1ахьаздаги инкар ккурал г1адамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб инкар кквеялда жанир тола ва гьеб нухалъ хьвадун ахираталда жужах1алде жанире уна. Гьаб аяталъул маг1на гьеч1о Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялдаса гьел г1адамал нахъч1вала абураб. Гьеб маг1на бук1ине дандеги кколаро. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагзаби рит1иги, т1ахьал рещт1инариги буго щивав чиясе жиндир ихтиялдалъун Аллагьасда иман лъезе ва аварагзабазда нахърилълъине рес бук1ин. Гьедин ихтияр гьеч1ебани аварагзаби рит1иги т1ахьал рещт1инариги щибго жиндилъ мунпаг1ат гьеч1еб, г1ададисеб жо бук1инаан. Т1адег1анав Аллагь вац1ц1адав вуго жив гьединаб г1ададисеб жо гьабулевлъун вук1иналдаса.

**147. Жидеца дир аятал гьереси гьарулел ва ахираталда иманги лъоларел г1адамал руго жидер кинабго г1амал г1адада хварал. Ахираталда гьезие жазаъги гьабилищха дунялалда гьабураб г1амалалда рекъараб гурони?**

وَٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَلِقَآءِ ٱلْءَاخِرَةِ حَبِطَتْ أَعْمَٰلُهُمْ ۚ هَلْ يُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ١٤٧

**148. Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ дуг1а гьабизе Т1ур маг1арде араб мехалъ гьесул къавмалъ жалгун цадахъ бук1араб курхьин-к1илик1 биун, гьелъул бачил сурат гьабуна, жиндир бече ах1долеб г1адаб гьаракь бугеб.**

وَٱتَّخَذَ قَوْمُ مُوسَىٰ مِنۢ بَعْدِهِۦ مِنْ حُلِيِّهِمْ عِجْلًا جَسَدًا لَّهُۥ خُوَارٌ ۚ أَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّهُۥ لَا يُكَلِّمُهُمْ وَلَا يَهْدِيهِمْ سَبِيلًا ۘ ٱتَّخَذُوهُ وَكَانُوا۟ ظَٰلِمِينَ ١٤٨

Цинги гьеб бечеялъе лагълъи гьабизе лъугьана къавмалъул цо къокъа. Бануисраилазул Самири абулев чияс т1амуна гьел г1адамал жидехъ бугеб курхьин-к1илик1, баргъич ва цогидабги месед-г1арацалъул берцинлъи данде гьабизе. Самирица гьеб ц1аялдалъун биг1инабун, бечеялда релълъараб сурат (къаркъала) гьабуна. Гьеб къаркъалаялда хасаб х1алалъ гьарурал гьодорлъабазда гьури пураб мехалъ жиб ах1долеб г1адаб гьаракь лъугьунеб бук1ана.

Гьеб г1аламат бихьараб мехалъ Бануисраилазул цо къокъаялъ гьеб бече алагьлъун ккун гьелъие сужда гьабуна. Т1адег1анав Аллагьас гьезда г1айиб ч1ван абулеб буго: **гьал г1адамаз пикру гьабуларищ гьеб бече бук1иналъул жиндилъ рух1 гьеч1еб, жиб к1алъалареб маг1даналъул къаркъала. Гьелъ гьел щибго жоялдеги т1орит1уларо. Гьадин бугониги жидеца гьеб бече алагьлъун ккуна ва жидеего зулму гьабуралльун лъугьана.**

وَلَمَّا سُقِطَ فِيٓ أَيۡدِيهِمۡ وَرَأَوۡاْ أَنَّهُمۡ قَدۡ
ضَلُّواْ قَالُواْ لَئِن لَّمۡ يَرۡحَمۡنَا رَبُّنَا
وَيَغۡفِرۡ لَنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلۡخَٰسِرِينَ ١٤٩

149. Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ т1адвуссун вач1араб мехалъ гьес бече ц1идаса ц1аялъ бух1ун биун, гьородахъ щущан т1аг1инабидал **ва жидеца гьабураб ширк ц1акъ мекъаб жо бук1ин бич1ч1индал, гьел г1адамаз абуна: «Гьанже нижеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1ич1они ва т1аса лъугьун нижер тавбу къабул гьабич1они, ниж ахираталъе ч1орого хут1арал г1адамаллъун рук1инаха» – абун.**

وَلَمَّا رَجَعَ مُوسَىٰٓ إِلَىٰ قَوۡمِهِۦ غَضۡبَٰنَ أَسِفٗا قَالَ
بِئۡسَمَا خَلَفۡتُمُونِي مِنۢ بَعۡدِيٓۖ أَعَجِلۡتُمۡ أَمۡرَ
رَبِّكُمۡۖ وَأَلۡقَى ٱلۡأَلۡوَاحَ وَأَخَذَ بِرَأۡسِ أَخِيهِ
يَجُرُّهُۥٓ إِلَيۡهِۚ قَالَ ٱبۡنَ أُمَّ إِنَّ ٱلۡقَوۡمَ ٱسۡتَضۡعَفُونِي
وَكَادُواْ يَقۡتُلُونَنِي فَلَا تُشۡمِتۡ بِيَ ٱلۡأَعۡدَآءَ
وَلَا تَجۡعَلۡنِي مَعَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٥٠

150. Т1адег1анав Аллагьас жеги Т1урусайнаъ маг1арда вук1адго Мусада бицана жиндир къавмалъ гьабураб жо.

**Цинги жиндир къавмалъухъе ц1акъ ццим бахъун ва рак1 къварилъун Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вач1араб мехалъ, жинца къавмалда абуна: «Ц1акъ квешаб иш гьабун бугоха нужеца дун аск1осан ват1алъарабго. Нужее Бет1ергьан Аллагьасул амру хехго т1убазе бокьунищха рук1арал? Дун т1адвуссун вач1инег1ан сабру гьабизе к1веч1ищха нужеда?»-абун. Цинги Муса аварагас жинда кодор рук1арал Таврат т1аде хъварал алвах1алги г1одор лъун (г1одоре реххун) жиндир вац Гьарунил бот1рол рас ккун гьев жиндехун ц1ана.** Аллагьасе г1оло ццим бахъин гучав вук1ана Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ. Гьесда рак1алде ккана Гьаруница амру-нагью гьабич1ого, гьесул тохлъи ккун къосун ругин гьел г1адамал абун.

Цоги бак1алда абулеб буго: «Муса аварагас кваранаб квералъ бот1рол ва квег1аб квералъ мегежалъул рас ккун жиндехун ц1ана Гьарун ва «Гьаб щиб дуцаги къавмалъги гьабураб жо» – абун ццим бахъун, жинца гьев к1овок1изе жувана»-абун.

**Гьаруница гьесул рак1 гурх1улеб х1алалъ абуна: «Я дир эбелалъул вас! Дида гьаниб щибго г1айиб гьеч1о, Дун къавмалъ г1одовег1ан гьавуна ва х1атта дун ч1вазецин къасд гьабуна гьеб къавмалъ, дица жидеда гьеб ширк гьабуге абураб мехалъ. Гьанже дуцаги дун къварид гьавун, гьелдалъун гьал тущбабазул рак1 боххизабуге ва дунги гьаб зулмуяб къавмалдаса вугин абун х1укму гьабуге»-абун.**

Цинги Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام щцим г1одобе буссана ва хехго жив рек1екълъана Гьарун къварид гьавиялда.

قَالَ رَبِّ ٱغْفِرْ لِى وَلِأَخِى وَأَدْخِلْنَا فِى رَحْمَتِكَ ۖ وَأَنتَ أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ﴿١٥١﴾

**151. Муса аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **абуна: «Я дир Бет1ергьан! Дуца дир мунагьал чуре** гьав вацасдехун хъач1лъи гьабиялдалъун дун г1айиб ч1вазе мустах1икълъарав. **Дир вац Гьарунилги мунагьал чуре** гьесдасан амру-нагью гьабиялъул тохлъи ккун батани. **Дуца ниж к1иявго дур рах1маталъулъеги лъугьинаре. Х1акълъунго мун ц1акъ гурх1улев вуго ва дур гурх1ел муъминзабазе даимав вуго»-абун.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ ٱلْعِجْلَ سَيَنَالُهُمْ غَضَبٌ مِّن رَّبِّهِمْ وَذِلَّةٌ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُفْتَرِينَ ﴿١٥٢﴾

**152. Жидеца бачие лагълъи гьабурал г1адамазде Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **щцим бахъин щвела ва гьел г1одорег1ан гьарун х1акъирги гьарила гьаб дунялалъул рукъор рук1аго.**

Ахираталдаги жужах1алъул г1азаб гьабила тавбу гьабун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ руссинч1ел г1адамазе. **Гьадинаб жазаъ гьабула дица киналниги жидеца ургъун ц1ияб дин бахъулел ва Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ширк гьабулел г1адамазе.**

وَٱلَّذِينَ عَمِلُوا۟ ٱلسَّيِّـَٔاتِ ثُمَّ تَابُوا۟ مِنۢ بَعْدِهَا وَءَامَنُوٓا۟ إِنَّ رَبَّكَ مِنۢ بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٥٣﴾

**153. Жидеца куфру-ширкалдалъун ва к1удиял мунагьаздалъун квешаб г1амал гьабун хьвадарал г1адамал, цинги жидеда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **г1азаб щвелелде тавбу гьабун, иман лъун, лъик1аб г1амал гьабурал,- х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь, я Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьеб тавбу гьабун хадуб жинца мунагьал чурулев ва жив гурх1улев вуго.**

Гьаб аяталъ Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда лъазабулеб буго кинаб к1удияб мунагь гьабун бугониги, гьев чияс тавбу гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев чи т1аса лъугьун толев вук1ин. Лагъзадерил мунагьал киг1анго к1удиял ругониги, Аллагьасул

جَلَّجَلَالُهُ гурх1ел ва рах1мат гьездасан к1удияб буго. Лъик1ал чаг1азул цояс абуна: «Лагъзадерил мунагьал к1одолъараб ва г1емерлъараб мехалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурх1ел-рах1му жегиги к1одолъула» – абун. Т1адег1анав Аллагьасул ц1об лъик1ал чаг1азе гурони бук1инч1ебани, жидеца квешлъаби гьарурал лагъзал жидехъе к1анц1улев щив вук1инев?

**154. Муса аварагасул ццим г1одобе буссараб мехалъ, Мусаца жинца г1одоре реххун рук1арал алвах1ал кодоре росана. Гьезда т1ад хъван бук1ана жиндир къавм х1акъаб нухалда т1орит1улеб насих1ат ва гьеб къавмалда гурх1елги.**

وَلَمَّا سَكَتَ عَن مُّوسَى ٱلْغَضَبُ أَخَذَ ٱلْأَلْوَاحَ وَفِي نُسْخَتِهَا هُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلَّذِينَ هُمْ لِرَبِّهِمْ يَرْهَبُونَ ﴿١٥٤﴾

Къавмалда гьезие лъик1лъи бугеб жо лъазабун бук1ана, дунялалъул рукъуб ва ахираталда бахьибуголъи щолеб амру-нагьюги бук1ана. **Гьаб амру-нагью ва насих1ат буголъана Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун гьесдаса х1инкъулел г1адамазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв Къатадатица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ алвах1ал кодоре росун, гьезда т1ад хъвараб жо ц1алана ва жинца абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дида гьал алвах1азда хъван батулеб буго цо уммат бугин киналго умматаздаса жиб лъик1аб, жинца х1акъаб жоялдалъун амру гьабулеб ва квешаб, мункараб жоялдаса нагьюги гьабулеб. Гьеб умматлъун дир уммат гьабе» – абун. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан абуна: «Гьеб буго Мух1аммад صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасул уммат» – абун. Цинги Мусаца абуна: «Я дир Бет1ергьан! Дида алвах1азда хъван батулеб буго цо уммат бугин жиб ахиралда бижараб, амма алжаналде жанибе т1оцебе лъугьунеб. Гьеб умматлъун дир уммат гьабе» – абун. Гьесие жаваб гьабуна: «Гьеб Мух1аммадил صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ уммат буго» – абун.

Хадубги Мусаца абуна: «Дида алвах1азда хъван батулеб буго цо уммат бугин жидер рак1азда жаниб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ т1ехь бугел ва жидеца гьеб рек1ехъе ц1алулел. Гьеб умматлъун гьабе дир уммат» – абун. Гьелъиеги жаваб гьабуна: «Гьеб буго Мух1аммадил صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ уммат» – абун. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьел алвах1ал г1одор лъуна ва жинца абуна: «Я дир Аллагь! Дуца дун Мух1аммадил صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ умматалдаса гьаве» – абун.

Аллагьасул свалат салам лъеги хирияв Х1абиб Мух1аммадида. Гьесул умматалдаса ратиялда щукру гьабулеллъун, гьесул шапаг1ат, баракат

щолеллъун гьаре ниж, я гурхӏел кӏудияв Аллагь!

وَٱخۡتَارَ مُوسَىٰ قَوۡمَهُۥ سَبۡعِينَ رَجُلٗا لِّمِيقَٰتِنَاۖ
فَلَمَّآ أَخَذَتۡهُمُ ٱلرَّجۡفَةُ قَالَ رَبِّ لَوۡ شِئۡتَ
أَهۡلَكۡتَهُم مِّن قَبۡلُ وَإِيَّٰيَۖ أَتُهۡلِكُنَا بِمَا فَعَلَ
ٱلسُّفَهَآءُ مِنَّآۖ إِنۡ هِيَ إِلَّا فِتۡنَتُكَ تُضِلُّ بِهَا
مَن تَشَآءُ وَتَهۡدِي مَن تَشَآءُۖ أَنتَ وَلِيُّنَا فَٱغۡفِرۡ لَنَا
وَٱرۡحَمۡنَاۖ وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلۡغَٰفِرِينَ ١٥٥

**155. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ лъабкъоялда анцӏго чи тӏаса вищана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къотӏи гьабураб Тӏурсайнаъ магӏарде живгун цадахъ рачине.**

Тӏадегӏанав Аллагьас Муса аварагасде عَلَيْهِ السَّلَامُ амру гьабун букӏана гьел гӏадамалги рачун вачӏаян бачие лагълъи гьабиялъул гӏузру-сабаб бицине ва цогидаб къавмалдасаги тӏаса лъугьин гьаризе. Къавмалъул бищунго лъикӏал ва бачие лагълъи гьабичӏел гӏадамалги рачун Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Тӏурусайнаалда унаго гьел гӏадамаз абуна: дуца нижеда Аллагь вихьизаве, гьеб жо гьабизе дуда кӏвезе ккола, дуда Аллагь кӏалъалев вугелъул» – абун.

**Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел гӏадамал гьалаг гьаруна зодиса гьаракь бiччан, яги ракь багъарун хӏинкъун, ракӏал тӏуркӏун. Муса аварагас абуна: «Я дир бетӏергьан Аллагь! Дуда кӏолеб букӏанаха гьалги дунги церего гьалаг гьаризе. Нижедаса цо ахӏмакъаб къавмалъ гьабураб жо сабаблъун ниж киналго гьалаг гьаруге Аллагь. Гьаб кинабго жо буго дур рахъалъан нижее бугеб хӏалбихьи. Дуца бокьарав чи къосизавула Бетӏергьан, бокьарав чи тӏовитӏула. Мун вуго нижер киналниги умуразул вали ва тадбир гьабулев. Мун нижеда гурхӏа Аллагь ва дуца нижер мунагьалги чуре. Мун бищунго лъикӏав вуго тӏаса лъугьун, мунагьал чурун дур лагъзал тезе.**

۞وَٱكۡتُبۡ لَنَا فِي هَٰذِهِ ٱلدُّنۡيَا حَسَنَةٗ
وَفِي ٱلۡأٓخِرَةِ إِنَّا هُدۡنَآ إِلَيۡكَۚ قَالَ عَذَابِيٓ
أُصِيبُ بِهِۦ مَنۡ أَشَآءُۖ وَرَحۡمَتِي وَسِعَتۡ كُلَّ
شَيۡءٖۚ فَسَأَكۡتُبُهَا لِلَّذِينَ يَتَّقُونَ وَيُؤۡتُونَ
ٱلزَّكَوٰةَ وَٱلَّذِينَ هُم بِـَٔايَٰتِنَا يُؤۡمِنُونَ ١٥٦

**156. Дуца нижее гьаб дунялалда лъикӏлъи насиб гьабе Бетӏергьан, ахираталдаги нижее лъикӏлъи насиб гьабе. Нижеца тавбу гьабуна ва ниж киналго мунагьал тун, гьел гьариялда ракӏ бухӏун дуе гӏибадат гьабиялде руссана Аллагь»** – абун Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагас гьадинаб берцинаб хӏели гьабидалго, гьесие жаваб гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна:

**Дир гӏазаб дица щвезабила дие бокьарав чиясде**: куфру-ширкалда вукӏарав ва тавбу гьабичӏого хварав чиясде. **Амма дир рахӏмат кинабниги жоялда гӏамлъараб ва гӏемераб буго. Дица дир рахӏмат**

**ва мунагь чури тlадаблъун гьабула дидаса хlинкъун мунагьал тарал, жидеца закатги кьолел ва дир аятазда иманги лъолел гlадамазе.**

Тафсиралъул гlалимзабаца абуна: гьав лъабкъоялда анцlго чи Тlадегlанав Аллагьас хвезавуна цинги чlагоги гьавунаян. Цоги гlалимзабаца абуна гьел хвезаруна, хадур чlаго гьаричlо абун. Цогияз абуна: гьел хвезаричlо, гlакълуялдаса ун гlодор ккун рукlана, цинги чlаголъун тlаде рахъана абун.

**157. Дир рахlмат жидеда щолел гlадамал руго жинда цlали ва хъвай лъаларев гlарабияв Мухlаммад аварагасда ﷺ нахърилълъунел. Жидеда гьесул сипатал хъван ратулел Тавраталда ва Инжилалда.**

ٱلَّذِينَ يَتَّبِعُونَ ٱلرَّسُولَ ٱلنَّبِيَّ ٱلْأُمِّيَّ
ٱلَّذِي يَجِدُونَهُۥ مَكْتُوبًا عِندَهُمْ فِي
ٱلتَّوْرَىٰةِ وَٱلْإِنجِيلِ يَأْمُرُهُم
بِٱلْمَعْرُوفِ وَيَنْهَىٰهُمْ عَنِ ٱلْمُنكَرِ
وَيُحِلُّ لَهُمُ ٱلطَّيِّبَٰتِ وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ
ٱلْخَبَٰٓئِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ إِصْرَهُمْ وَٱلْأَغْلَٰلَ
ٱلَّتِي كَانَتْ عَلَيْهِمْ ۚ فَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِهِۦ
وَعَزَّرُوهُ وَنَصَرُوهُ وَٱتَّبَعُوا۟ ٱلنُّورَ ٱلَّذِىٓ
أُنزِلَ مَعَهُۥٓ ۙ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ١٥٧

Гьел тlахьазда жиндир сипатал рицин гуребги, гьев авараг вачlиналдалъун гьел умматазда роххел бицунеб буго ва гьесда нахърилълъа абун амруги гьабулеб буго. Тlехь цlализе лъалел гlалимзабазда киназдаго Мухlаммад аварагасул ﷺ сипаталги лъала ва гьев хlакъав авараг вукlинги лъала, ва амма гlемерисел Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гlасилъана ва Мухlаммад аварагасда ﷺ инкар ккун, гьесда нахърилълъинчlого чlана.

**Жинца умматалда лъикlаб жоялдалъун амру гьабулев, квешаб жо те абун нагьюги гьабулев. Кинабго лъикlабщинаб жо хlалал гьабулев.** Гьез жидерго гlакълуялъухъе хlарам гьабун букlараб. **Ва жинца гьезие кинабго квешаб жо хlарамги гьабулев.** Капурго хвараб жо, би, болъонил гьан ва цогидабги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хlарам гьабураб жо. **Жинца гьел умматаздаса гlодор лъолев (тlаса рехулев) захlматал, жидеда гудур бараб гlадин тlад хурхун рукlарал ахlкамал.**

Гьеб къавмалъе тавбу гьаби букlана жиндирго напс чlвай, ретlелалъул чороклъараб бакl къотlун нахъе реххи букlана ва цогиги захlматал хlукмаби рукlана. Гlаламалъего рахlматлъун вугев, Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад авараг витlун, гьесда бигьаяб шаригlат малъун лагъзадерие гlемераб бигьалъи гьабуна. **Гьав аварагасда жидеца иман лъурал гlадамал: жидеца гьевги кlодо гьавурал, гьесул диналъе кверги бакъарал. Гьев Мухlаммад аварагасде ﷺ рещтlинабураб нуралда – Къуръаналда нахъги рилълъарал, гьеб**

**х1акъаб диналдаги хьвадарал. Гьал г1адамал руго жидер дунял-ахираталъул лъик1лъиялда ва бахьибуголъиялда кверщел батарал.**

قُلۡ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنِّي رَسُولُ ٱللَّهِ إِلَيۡكُمۡ
جَمِيعًا ٱلَّذِي لَهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَٱلۡأَرۡضِۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ يُحۡيِۦ وَيُمِيتُۖ
فَـَٔامِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِ ٱلنَّبِيِّ ٱلۡأُمِّيِّ
ٱلَّذِي يُؤۡمِنُ بِٱللَّهِ وَكَلِمَٰتِهِۦ وَٱتَّبِعُوهُ
لَعَلَّكُمۡ تَهۡتَدُونَ ١٥٨

**158. Дуца гьаб умматалде хит1аб гьабун абе, Мух1аммад ﷺ! Дун вуго кинабго халкъалде вит1арав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул: киналниги зобал-ракьазул ханлъи жиндие бугев Бет1ергьанасул. Жив гурев цоги Аллагь гьеч1ев, жинца ч1аго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Нужеца иман лъе, я гьал г1адамал, Т1адег1анав Аллагьасда ва гьесул расул Мух1аммадидаги ﷺ. Жинда ц1али-хьвай лъаларев гьав Мух1аммад аварагги ﷺ, жинца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурав, гьесул Къуръаналдаги ва цогидал киналго т1ахьаздаги иман лъурав. Нуж гьев аварагасда нахърилълъун, гьесул суннат ц1унун хьваде. Гьедин хьвадани нуж бит1араб диналда т1орит1араллъун рук1ина.**

وَمِن قَوۡمِ مُوسَىٰٓ أُمَّةٞ يَهۡدُونَ بِٱلۡحَقِّ
وَبِهِۦ يَعۡدِلُونَ ١٥٩

**159. Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалдаса цо уммат буго жал х1акъаб диналда хьвадулел, Мусада ва Тавраталда иман лъурал, ва жидеца гьеб диналда бит1араб х1алалъ г1адамалги т1орит1улел.**

وَقَطَّعۡنَٰهُمُ ٱثۡنَتَيۡ عَشۡرَةَ أَسۡبَاطًا أُمَمٗاۚ
وَأَوۡحَيۡنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ إِذِ ٱسۡتَسۡقَىٰهُ
قَوۡمُهُۥٓ أَنِ ٱضۡرِب بِّعَصَاكَ ٱلۡحَجَرَۖ
فَٱنۢبَجَسَتۡ مِنۡهُ ٱثۡنَتَا عَشۡرَةَ عَيۡنٗاۖ قَدۡ
عَلِمَ كُلُّ أُنَاسٖ مَّشۡرَبَهُمۡۚ وَظَلَّلۡنَا
عَلَيۡهِمُ ٱلۡغَمَٰمَ وَأَنزَلۡنَا عَلَيۡهِمُ ٱلۡمَنَّ
وَٱلسَّلۡوَىٰۖ كُلُواْ مِن طَيِّبَٰتِ مَا
رَزَقۡنَٰكُمۡۚ وَمَا ظَلَمُونَا وَلَٰكِن
كَانُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ يَظۡلِمُونَ ١٦٠

**160. Дица Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъул анц1ила к1иго къокъа гьабуна.**

Аллагьаул свалат салам лъеяв Яг1къуб аварагасул анц1ила к1иго васасул щибаб бат1ияб къокъа гьабуна. Гьезие дунялалъул маг1ишат гьабиялъулъ бигьалъи бук1ине, щивазе жидер цевехъанги лъазе. Муса аварагасеги бигьаяб бук1ине: цо амру т1аде бач1араб мехалъ гьал къокъабазул церехъаби данде ах1ун гьезулгун мушавара гьабизе. Жидеда гьоркьоб даг1ба къецги бук1инч1ого бук1ине, цох1о ишалда т1ад г1емерал г1адамалги руссинч1ого рук1ине.

Т1адег1анав Аллагьас нилъеда лъазабулеб буго бусурбабазул амру

гьадин бук1ине кколеблъи. Щибаб бак1алда жамаг1ат г1уц1ун, гьезда т1ад цо-цо амир тун, гьел амиразулги к1удияв амир гьавун киналго бусурбабазул г1аммаб шура бук1ине ккола ва цо амирул муъминин (киналго бусурбабазул амир) вук1ине ккола. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьал бусурбабазул х1ал лъик1аб рахъалде сверизабеги ва гьес малъухъе исламияб ват1ан г1уц1изе ва гьесул дин ракьалда бук1инабизе квербакъиги гьабеги.

Т1адег1анав Аллагьас жиндир диналъе г1оло къеркьолел г1адамазе квербакъизе бук1ин х1акъаб жо буго, гьелда щибго щаклъиги гьеч1о. Ва амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ квербакъизе ккани гьаб диналъул к1вар гьабулел, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин ракьалда бук1ине гьабиялъе ургъулеб бусурбабазул цо къокъа бук1ине ккола. Киналго бусурбаби г1одор ч1араб мехалъ ва «ниж заг1ипал руго, дагьал руго, ярагъ гьеч1о, къуват гьеч1о»-абун жидеего г1узруги бачараб мехалъ, гьел г1адамазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кин квер бакъилеб? Гьаз гьабулеб сабабго гьеч1елъул Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурх1изе, гьес жидее квербакъизе. Гьаб къавмалда т1ад Алагьасул ццим бахъин рещт1ин г1агарда буго, гьезие квербакъи бач1иналдаса.

Аллагьас нилъ х1акъаб жо лъалездаса ва гьелда нахърилълъулездаса гьареги.

Цинги Муса аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ къавм къечон бук1ун: **гьез нижее лъим кьеян Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьареян абураб мехалъ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Мусаде вах1ю гьабуна дуца дур г1анса цо гамач1алда кьабе абун. Мусаца гамач1алда г1анса кьабуна ва гьелдаса анц1ила к1иго бат1ияб иццзагьирлъун лъим чвахизе лъугьана. Щибаб къокъаялда жинца лъим гьекъезе кколеб иццги лъана.**

Цоцазде къацандич1ого, цо бак1алде руссун рук1инч1ого берцинго, рах1аталда, г1одоре риччан лъималдаса мунпаг1ат босана. **Цинги раг1ад гьабизе гьезда т1аде нак1к1ги бачана. Жидее кваназе зодисан «манна ва салва» абураб квенги рещт1инабуна.** Манна бук1ана г1азохъах1аб ц1орол гарал г1адин рещт1ун бач1унеб ц1акъ гьуинаб т1аг1ам. Салва бук1ана х1анч1азул гьан, т1аг1ам рекъезабун, гьуин гьабун бежараб. Гьаб кинабго жо буго Тигь абулеб бак1алда к1икъого соналъ бануисраилал сверулел ругеб заманалъ жиб бук1араб.

Дица гьезда абуна: «**Нужеца кванае Дица кьураб гьуинаб, лазатаб, бац1ц1адаб ва х1алалаб ризкъи:** щибго нужеда бихьулеб г1акъуба-къварилъиги гьеч1ого»-абун. Гьадин ч1орого ниг1маталги кьун хьихьараб мехалъги гьел бануисраилал Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ капурлъана,

Муса аварагасе мут1иг1лъич1о.
Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **гьаб г1асилъиялдалъун жидеца дие щибго зулму гьабич1о.** Дие кинабг1аги асар бук1унаро кинабго махлукъат дида г1асилъаниги, яги мут1иг1лъун ругониги. **Гьеб къавмалъ жидерго напсазе гьабуна зулму**. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ щцим бахъин ва жужах1алъул г1азаб жидеде щвеялъе сабаб гьабун.

وَإِذْ قِيلَ لَهُمُ اسْكُنُوا هَٰذِهِ الْقَرْيَةَ
وَكُلُوا مِنْهَا حَيْثُ شِئْتُمْ وَقُولُوا حِطَّةٌ
وَادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا نَّغْفِرْ لَكُمْ
خَطِيئَاتِكُمْ ۚ سَنَزِيدُ الْمُحْسِنِينَ ﴿١٦١﴾

**161.** Дуца уматалъе ваг1залъун бук1ине бице, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: **Дица гьал ягьудиязул цересел къавмазда абураб г1уж: «Нуж Байтул-мукъадасалъул ракьалда маг1ишат-яшав гьабун ч1а. Гьенир ругел ниг1маталги кванай, щибжо нужее бокьаниги, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал чуриги гьаре гьеб росулъе лъугьунеб мехалъ. Гьеб росдал рагьдухъан жанире Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1елун, бет1ер г1одобе къулун лъугьа. Дица нужер мунагьал чуризе руго ва дун разилъи т1алаб гьабун, г1ибадат цох1о дие г1иц1ц1 гьабун хьвадарал г1адамазе ажруги г1емерго ц1ик1к1инабизе буго»-абун.**

فَبَدَّلَ الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ قَوْلًا غَيْرَ
الَّذِي قِيلَ لَهُمْ فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ
رِجْزًا مِّنَ السَّمَاءِ بِمَا كَانُوا
يَظْلِمُونَ ﴿١٦٢﴾

**162. Гьаб къавм Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялде г1асилъана. Жидеде абеян абураб раг1иги цогиги раг1иялдалъун хисизабуна,**
росулъеги нахъа х1ат1ил, рохокъот1иялда хъурщулаго лъугьана. Гьеб кинабго жо гьабуна Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруги динги махсароде гьабун. **Цинги дица гьезда т1аде зодисан г1азаб рещт1инабуна жидер зулму сабаблъун,** кинабго заманаялъ, щибаб амруялъулъ гьез г1ассилъи ва пасикълъи гьабулеб бук1иналдалъун. Абусаг1идица абуна гьезде бач1араб г1азаб бук1ана вабаъ (къавуда) унти. Цох1о саг1аталда жанир къолоункъазарго чи хванаян абун.

وَاسْأَلْهُمْ عَنِ الْقَرْيَةِ الَّتِي كَانَتْ
حَاضِرَةَ الْبَحْرِ إِذْ يَعْدُونَ فِي السَّبْتِ
إِذْ تَأْتِيهِمْ حِيتَانُهُمْ يَوْمَ سَبْتِهِمْ شُرَّعًا
وَيَوْمَ لَا يَسْبِتُونَ ۙ لَا تَأْتِيهِمْ ۚ كَذَٰلِكَ
نَبْلُوهُم بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ﴿١٦٣﴾

**163. Дуца гьел ягьудиязда гьикъе, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жидер цересел къавмазул хабар. Цо ральдал раг1алда бук1араб росдал агьлуялъул хабар гьикъе. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ жал г1асилъараб мехалъ ва жидее ччуг1а кквезе х1арам гьабураб щамат къоялъ ччуг1а кведал, кинаб г1азабдай**

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гьабуна абун. Гьел гlадамазул хlалбихьи гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ щамат къоялъ цlакъ гlемераб ччугlа битlулаан, лъималда тlасан жал рихьулел. Цогидаб къоялъ гьедин гlемер ччугlа бачlунароан. Гьедин дица хlалбихьи гьабула гьеб къавмалъул ва цогидалги къавмазул, гьезул гlасилъи-пасикълъи сабаблъун.**

Къуртlубияс абуна: гьаб къисса буго Давуд аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ заманаялъ букlараб къавмалъул бицунеб. Иблисалъ амру гьабун гьеб къавмалъ рузман къоялъго ччугlа жаниб кквезе къорал гъун, гьинал ва сеткаби рехун толаан ва жидеца гьел къоразда жанибе ччугlа къотlулаан. Гьатlан къоялде щвезегlан гьениб жаниб хутlулаан ччугlа. Цинги жидеца гьеб нахъе босулеб букlана.

وَإِذْ قَالَتْ أُمَّةٌ مِّنْهُمْ لِمَ تَعِظُونَ قَوْمًا ٱللَّهُ
مُهْلِكُهُمْ أَوْ مُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا قَالُوا۟
مَعْذِرَةً إِلَىٰ رَبِّكُمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ١٦٤

**164. Щамат къоялъ ччугlа кколел гlадамал гьеб хlарамаб жоялдаса** нахъчlвалеб **букlана цо къокъаялъ. Цинги гьездехун цогидаб къукъаялъ абуна: «Нужеца вагlза щай гьабулеб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гlасияб, гьес жал гьалаг гьаризе ругеб къавмалъе, яги жедее квешаб гlазаб гьабизе бугеб къавмалъе!** Гьеб нужеца гьабулеб жо буго жиндилъ пайда гьечlеб, гlададисеб жо»-абун.

**Гьеб къокъаялъ абуна: «Нижеца гьаб нагью гьабулеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижеда тlад къараб жо тlубан:** гlадамазда лъиклlаб жо малъи ва гьезие насихlат гьаби буго нижеда тlад къараб жоги. **Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьесдаса хlинкъун гьеб квешаб къавмалъ вагlза босизеги бегьила»-абун.**

فَلَمَّا نَسُوا۟ مَا ذُكِّرُوا۟ بِهِۦٓ أَنجَيْنَا ٱلَّذِينَ
يَنْهَوْنَ عَنِ ٱلسُّوٓءِ وَأَخَذْنَا ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟
بِعَذَابٍۭ بَـِٔيسٍۭ بِمَا كَانُوا۟ يَفْسُقُونَ ١٦٥

165. Гьеб квешаб къавмалъ жидее гьабураб вагlза босичlеб мехалъ, **гьеб сан гьабичlого, кlочон тараб мехалъ, Дица гlазабалдаса хвасар гьабуна жидеца вагlза гьабулеб букlараб къавм ва дица гучаб, къуватаб гlазабалдалъун жазаъ гьабуна зулмуяб къавмалъе, дида гlасилъун, пасикълъун гьел хьвади сабаблъун.**

فَلَمَّا عَتَوْا۟ عَن مَّا نُهُوا۟ عَنْهُ قُلْنَا لَهُمْ كُونُوا۟ قِرَدَةً
خَـٰسِـِٔينَ ١٦٦

**166. Жидеде гьабуге абураб жо гьез течlеб мехалъ ва цlакъго гlорхъолъан ун гlасилъараб мехалъ, дица гьезда абуна: «Гьанже нуж гlодорегlанал маймалакаллъун рукlа»-абун.**

Дица гьел гlадамал маймалакаллъун сверизеги гьаруна. Гьеб

къавмалъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цин г1азаб гьабуна гьез тавбу гьабун квешаб г1амал телародай абун. Цингиги гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъич1еб мехалъ, гьезул маймалакал ва болъонал гьаруна.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1икриматица Ибнуг1аббасидаса бицараб халатаб къисаялъуль буго: «Гьаб бук1ана Мисриялъул ракьалда бугеб Вилаят росу, яги шагьар. Гьеб шагьаралъул къавмалъ ваг1за босич1еб мехалъ ва щамат къоялъ ччуг1а кквей теч1еб мехалъ, жидеца ваг1за гьабулез абун бук1ана ниж гьаб шагьаралдаса къват1ире ина, ниж х1инкъун руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеде цо квешаб балагь рещт1инабилин абун.

Цинги гьел, жидеца ваг1за гьабулел г1адамал къаси шагьаралдаса къват1ире унел рук1ана, къад шагьаралда жанир рач1унел рук1ана. Цо къоялъ радал гьеб шагьаралъул рагьдухъе рач1ун жидеца жанире ине бокьун нуц1а рич1и т1алаб гьабидал, цониги чияс жаваб кьеч1о ва нуц1а рич1ич1о. Цинги малиги босун шагьаралъул къедалде т1аде рахараб мехалъ, гьел г1ажаиблъун ва х1инкъун хут1ана: киналго гьезда рихьулел жал маймалакал, яги болъонал рук1ана. Нуц1а рич1ун жанире лъугьараб мехалъ, гьел х1айванал жидер г1агарал чаг1азде аск1оре рач1ун, гьезул рет1елалда лъулъадун, г1одизе журана. Г1адамазда гьел щал ругелали лъалеб бук1инч1о, амма гьезда жидер г1агарал г1адамал лъалел рук1ана. Цинги гьал г1адамазулги рак1 гурх1ун, гьездехун абуна: «нижеца абулеб бук1анаха нужеде гьаб г1ассилъи те абун». Х1айваназ бет1ералъ ишара гьабулеб бук1ана: «бит1араб буго» абун.

Г1алимзаби хилиплъана гьеб росдал агьлуялъул лъабабилеб къокъаялъул щиб х1укму бук1араб абун: гьел рук1ана жидеца г1асилъи гьабич1ел ва гьабулезда нагьюги гьабич1ел. Цо раг1и буго гьелги гьалаг гьаруна абураб, гьез амру-нагью теялъе г1оло. Цоги раг1и буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел хвасар гьаруна абун. Гьел г1адамал т1ад рекъон рук1инч1о дол г1асиял г1адамазда ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дол гьалаг гьариялда рак1ч1аралги рук1ана абун.

وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكَ لَيَبْعَثَنَّ عَلَيْهِمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ مَن يَسُومُهُمْ سُوءَ الْعَذَابِ ۗ إِنَّ رَبَّكَ لَسَرِيعُ الْعِقَابِ ۖ وَإِنَّهُ لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٦٧﴾

**167. Жегиги дуца умматалъе бице, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Дица гьал ягьудиязда т1аде риччала къиямасеб къо щвезег1ан гьезие къварилъи гьабулел г1адамал»-абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъазабураб г1уж.**

Гьал ягьудиял ругелъул кидаго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъун хьвадулел, гьес х1арам гьабураб жо х1алал гьабизе ва х1алал гьабураб жо х1арам гьабизе х1илла ургъулел. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналдаса г1адамал нахъч1валел.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда т1аде Бухтанасар абулев мажусазул хан т1амуна ва

гьес чанго азарчи ч1вана ва асирги гьаруна. Хадуб насраниязги гьабуна гьезие къварилъи ва гьел асир гьарун жидеда т1ад жизят (магъало) лъун бук1ана. Цинги Аллагьас свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг ва гьесул асх1абзаби риччана гьезда т1аде ва гьел ягьудиял г1арабиязул жазиратаддаса (полуостров) къват1ире гъуна.

Ахиралдаги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезде т1аде Гитлер виччана ва жинца гьезул наслу-тухумго т1аг1инабизе г1агарлъун вук1ана. Жегиги инсанасда рак1алде щвеч1ел г1азабал гьаруна Гитлерил армиялъ ягьудиязе. Цо хабаралъулъ буго анлъго миллион ягьудияв ч1вана Гитлерил армиялъ ва жегиги щуго миллион ягьудияв ч1вазе х1укму бук1ана абун. Гьел щуго миллион рук1ана Европаялъул пачалихъазда ва г1урусазул пачалихъалда ругел ягьудиял.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1укму буго ахир-къадги бусурбаби ягьудияздаса бергьине рук1ин бицунеб. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ гьесул диналъе г1оло жигьад гьабулездаса гьареги. Дунялалда т1ад ругел киналго бусурбабазул раг1и цолъизабун, х1ал рекъезабун, куфру-ширкалъул, хасго ягьудиязул зулму къезабизе тавпикъ кьеги. Амин.

**Х1акълъунго, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дур бет1ергьан Аллагь жинда г1асилъараб къавмалъе г1акъуба ц1акъ хех гьабулев вуго. Ва муъминзабазул мунагьал чурулев, гьезда гурх1улев вуго.**

وَقَطَّعْنَٰهُمْ فِى ٱلْأَرْضِ أُمَمًا مِّنْهُمُ ٱلصَّٰلِحُونَ وَمِنْهُمْ دُونَ ذَٰلِكَ وَبَلَوْنَٰهُم بِٱلْحَسَنَٰتِ وَٱلسَّيِّـَٔاتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿١٦٨﴾

**168. Дица гьел ягьудиял ракьалда т1ад рикьизаруна, жидер ват1ан гьеч1еллъун ва бат1и-бат1иял къокъабилъун.** Гьаб заманаялъ гьез Израил пачалихъ г1уц1иги палестиназе кьолеб г1акъубаги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гъапуллъун бугеб жо гьеч1о. ИншаАллагь, гьеб Байтул-мукъадас гьезда кодосан бусурбабаз бахъила, цебеги к1иго нухалъ бахъун бук1араб г1адин. **Гьел ягьудияздаса дагьалго г1адамал руго жидеца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ва аварагасде иман лъун лъик1аб г1амал гьабулел, амма гьезул г1емерисел куфру-ширкалда руго. Дица гьезул х1албихьи гьабуна ниг1матал кьун ва балагьал риччан, жал гьеб куфру-ширкалдаса руссинародай абун.**

فَخَلَفَ مِنۢ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ وَرِثُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ يَأْخُذُونَ عَرَضَ هَٰذَا ٱلْأَدْنَىٰ وَيَقُولُونَ سَيُغْفَرُ لَنَا وَإِن يَأْتِهِمْ عَرَضٌ مِّثْلُهُۥ يَأْخُذُوهُ أَلَمْ يُؤْخَذْ عَلَيْهِم مِّيثَٰقُ ٱلْكِتَٰبِ أَن لَّا يَقُولُوا۟

**169. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел ягьудиязул цоял лъик1ал, цоял квешал рук1ун хадуб цо къавм бижана, жиделъ щибго лъик1лъи гьеч1ел. жидер умумузухъан Таврат ирсалъе босарал ва гьебги бичун**

عَلَى ٱللَّهِ إِلَّا ٱلْحَقَّ وَدَرَسُواْ مَا فِيهِ ۗ وَٱلدَّارُ ٱلْـَٔاخِرَةُ
خَيْرٌ لِّلَّذِينَ يَتَّقُونَ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿١٦٩﴾

**дунялалъул боц1и босулел,** ай дин бичун, диналъул ц1аралда дунял т1алаб гьабулел. **«Нижедаса Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **т1аса лъугьине вуго»– абун абулел ва дунялалъул боц1и щвезе сабаб батарабго, гьеб жидеца босулел,** гьелъул х1алаллъи, х1арамлъи хал гьабуларел.

**Гьаб г1ассияб къавмалдаса Таврат рещт1инабун къот1и босун бук1ана гурищ жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан х1акъаб жо гурони бицинч1ого бук1ине. Таврат ц1алун гьениб жаниб бугеб жоги гьез лъазабун бук1ана.**

Гьаб амру гьадин бук1аго, жидеца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1унт1изабун гьереси бицунеб буго: жидеца х1арамаб боц1и кваналеб буго ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижер мунагьал чуризе руго абунги абулеб буго. **Абадияб ахираталъул рукъ ва алжаналъул ниг1матал лъик1аб ажру буго Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъарал г1адамазе. Гьазда гьеб жо щай лъалареб ва гьелъул пикру кин гьабулареб?**

وَٱلَّذِينَ يُمَسِّكُونَ بِٱلْكِتَٰبِ وَأَقَامُواْ
ٱلصَّلَوٰةَ إِنَّا لَا نُضِيعُ أَجْرَ ٱلْمُصْلِحِينَ ﴿١٧٠﴾

**170. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъул умурал гьесул т1ехьалда нахърилълъун т1уралел г1адамал, жидеца х1укъукъал т1уран какалги ралел,- Дица лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазул ажру кидаго г1адада хвезабуларо ва гьезие жидер г1амалалдаса г1емерго лъик1аб жазаъ гьабула.**

۞ وَإِذْ نَتَقْنَا ٱلْجَبَلَ فَوْقَهُمْ كَأَنَّهُۥ ظُلَّةٌ وَظَنُّوٓاْ
أَنَّهُۥ وَاقِعٌۢ بِهِمْ خُذُواْ مَآ ءَاتَيْنَٰكُم بِقُوَّةٍ
وَٱذْكُرُواْ مَا فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٧١﴾

**171. Дуца рехсе, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Дица Т1ур мег1ер ракьалдаса эхеде борхун, бануисраилазде т1ад гьет1изе гьабураблъи рукъалъул т1ох г1адин, яги нак1к1 г1адин. Гьезда рак1алдеги ккана гьабсаг1ат гьеб мег1ер жидеде т1ад бортилин абун.**

Гьеб бук1ана Муса аварагасде عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Таврат рещт1инабун хадуб, гьелда ругел х1укмабазда нахърилълъине бокьич1ого бануисраилал ч1араб заман. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мег1ер эхеде борхун жидеде т1аде гьет1изабидал гьел киналго суждаялде ртана ва Тавраталда нахърилълъине къот1и гьабуна. Т1адег1анав Аллагьас гьезда хит1аб гьабун абулеб буго:

**Нужеца гьаб т1ехь босе ва гьелда бугеб жоялда ях1 бахъун, т1ад**

**ч1ун г1амалги гьабе. Гьелда жанир ругел х1укмабиги лъазарун гьезда нахърилълъа. Гьедин хьвадани, Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъараздаса рук1ина нуж – абун.**

**172. Дур Бет1ергьан Аллагьас Адамил лъималаздаса къот1и босараб заманги рехсе, Мух1аммад** ﷺ**, умматалъе ваг1залъун. Адамил гьодидаса зурияталъул зараби росун, гьезда дун нужер Бет1ергьан вугищан гьикъун, жидерго напсалъе нуг1лъи гьабизабуна. Гьел зарабаца абуна: «Вуго мун нижер Бет1ергьан»–абун. Гьеб нуг1лъи гьабизабиялъе г1иллаги бук1ана къиямасеб къоялъ т1аде рахъинаридал гьел г1адамаз абич1ого бук1ине нижеда гьеб къот1и боси лъалеб бук1инч1о абун.**

وَإِذْ أَخَذَ رَبُّكَ مِنۢ بَنِىٓ ءَادَمَ مِن ظُهُورِهِمْ ذُرِّيَّتَهُمْ وَأَشْهَدَهُمْ عَلَىٰٓ أَنفُسِهِمْ أَلَسْتُ بِرَبِّكُمْ قَالُوا۟ بَلَىٰ شَهِدْنَآ أَن تَقُولُوا۟ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ إِنَّا كُنَّا عَنْ هَٰذَا غَٰفِلِينَ ﴿١٧٢﴾

Гьаб аяталъе тафсир гьабун Ибнухат1ибица абуна: Т1адег1анав Аллагьас «заррабазда нуг1лъи гьабизабуна» абураб раг1и буго мисал бачин ва цо жо баян гьаби. Х1акъикъаталдаги гьел зарраби гьодиниса къват1ире рахъинари т1адаб жо гьеч1о. Гьаб раг1иялъул маг1на буго: Т1адег1анав Аллагьас халкъалъе х1ужаби гьарун руго жив Бет1ергьан вук1иналда т1орит1ел гьабулел. Жинца кинабго халкъ бижун ва гьелъул тадбир гьабун, гьеб хьихьулев вук1иналдаги т1орит1ел гьабулел. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналда ва жиндие г1ибадат гьабизе х1акъав вук1иналда т1орит1ел гьабулел.

Гьал х1ужаби жидер г1акълуялдалъун ва рек1ел кан-ц1аялдалъун бич1ч1изе ва лъазе рес бугеллъун гьел г1адамалги гьаруна. Жал х1акъаб нухдайищ хьвадулел ругел, яги мекъа, къосараб нухдайищ хьвадулел ругеб лъазе рес бугел гьаруна. Гьаб кинабго жо гьабун хадуб Бет1ергьан Аллагьас жиндир лагъзадерида абуна: «Дун нужер Бет1ергьан Аллагь вугищ?» – абун. Гьел лагъзадерица жавабги гьабуна: «Вуго мун нижер Бет1ергьан Аллагь» - абун.

**173. Яги гьел г1адамаз абич1ого бук1ине: «Нижер умумуца ширк гьабуна нижедаса цебеккун. Ниж гьезда нахърилълъун рук1ана. Гьездаса хадур рижана ниж ва гьез гьабулеб батараб г1амал гьабуна. Гьел умумуз бат1улаб жо гьабунин абун нижее г1азаб кин гьабулеб» – абун.**

أَوْ تَقُولُوٓا۟ إِنَّمَآ أَشْرَكَ ءَابَآؤُنَا مِن قَبْلُ وَكُنَّا ذُرِّيَّةً مِّنۢ بَعْدِهِمْ أَفَتُهْلِكُنَا بِمَا فَعَلَ ٱلْمُبْطِلُونَ ﴿١٧٣﴾

**174. Гьадин дица дир лагъзадерие** кинабго жо баян гьабула **ва дир**

وَكَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلْءَايَٰتِ وَلَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿١٧٤﴾

**аяталги, шарг1иял х1укмабиги баян гьарула, гьел г1адамал куфру-ширкалдаса руссине бокьун.**

Жидер умумузда нахърилълъун жагьилияб жо гьабич1ого, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагасда нахърилълъун бит1араб дин гьабизе бокьун.

وَٱتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ ٱلَّذِىٓ ءَاتَيْنَٰهُ ءَايَٰتِنَا فَٱنسَلَخَ
مِنْهَا فَأَتْبَعَهُ ٱلشَّيْطَٰنُ فَكَانَ مِنَ ٱلْغَاوِينَ ﴿١٧٥﴾

**175. Гьел ягьудиязе дуца бице, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Дица жиндие г1елму кьун бук1арав цо г1алимчиясул хабар. Гьесда дир т1ехьалдаса цо-цо аяталги лъазарун рук1арав. Цинги гьеб г1елмуги тун, иманалдаса вахъун куфруялде арав, жиндир хъалги г1одобе рехун борохь унеб г1адин. Цинги жинда хадуб лъугьун щайт1аналъ т1убанго къосаравлъунги гьаврав.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьав вуго Балг1ам ибну Баг1ура абулев чи, жинда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуг1аялъе жаваб кьолеб ц1ар лъезабун бук1арав, цинги жив капурлъарав–абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасг1удица абуна: гьев вук1ана Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Мадян шагьаралде вит1арав чи, гьел иман лъеялде ах1изе. Гьев чиясе Мадяналъул ханас г1арац-месед кьуна Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дин таралъухъ ва гьеб рищватги босун жив капурлъана-абун.

وَلَوْ شِئْنَا لَرَفَعْنَٰهُ بِهَا وَلَٰكِنَّهُۥٓ أَخْلَدَ إِلَى
ٱلْأَرْضِ وَٱتَّبَعَ هَوَىٰهُ ۚ فَمَثَلُهُۥ كَمَثَلِ ٱلْكَلْبِ
إِن تَحْمِلْ عَلَيْهِ يَلْهَثْ أَوْ تَتْرُكْهُ يَلْهَث ۚ
ذَّٰلِكَ مَثَلُ ٱلْقَوْمِ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا ۚ
فَٱقْصُصِ ٱلْقَصَصَ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ﴿١٧٦﴾

**176. Дие бокьун бук1арабани, гьев чи Дица кьураб г1елмуялдалъун т1адег1анаб макъамалде вахинавилаан. Кинниги гьев чи дунялалъул ч1аголъиялде гьет1ана, гьелъул лазат-шагьват т1аса бищана. ахираталъул даимал ниг1матаздаса. Гьелдалъун жив ц1акъ г1одобег1анаб бак1алде вортана. Гьав чиясул мисал буго жиндир г1одовег1анлъиялъулъ ва х1акъирлъиялъулъ къват1ул гьвеялъул мисал, дуца гьелдехун квешлъи гьабуниги лъик1лъи гьабуниги, жиб даимго къват1ибе мац1ги рехун гьекиялда бук1унеб.**

Гьавги сордо-къо лъач1ого, Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул динги к1очон, дунялалъул боц1уда хадув хъетулев вук1уна. **Гьаб буго дир аятал гьереси гьабулеб къавмалъул мисал. Дуца гьел г1адамазе къиссаби рице, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьез пикру гьабизеги бегьула, иман**

**лъеялде рач1инеги бегьула.**

**177. Жидер мисал квешаб, гьездаса мисал босизе бегьулареб буго жидеца дир аятал гьереси гьарулел ва жидерго напсазе зулму гьабулеб къавм.**

سَآءَ مَثَلًا ٱلْقَوْمُ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا
وَأَنفُسَهُمْ كَانُوا۟ يَظْلِمُونَ ﴿١٧٧﴾

**178. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бит1араб исламияб нухда т1овит1арав чи вуго жив вит1ун ккарав, жиндие дунял-ахираталда бахьибуголъи бугев. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб диналдаса къосинавун жиндир гьава-напсалда, щайт1аналда нахъвилълъун хьвадулевлъун тарав чи вуго жив к1иябго рокъов ч1ового хут1арав.**

مَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِى ۖ وَمَن يُضْلِلْ
فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿١٧٨﴾

Т1адег1анав Аллагьасда кодоб буго кинабго жоялъул ихтияр ва г1елму-лъай. Дунялалъул рокъов вук1аго цо кинаб бугониги иш гьабизе къвариг1арав чи, гьеб иш жинда лъик1 лъалев чи ц1ехон, гьесда аск1ове ун, гьеб иш гьаби жиндаги лъазе ях1 бахъула. Жиндир лагъзадерие лъик1абги квешабги жо бищунго лъик1 лъалев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Жиндие х1акъаб нух къвариг1арав, дунял-ахираталъул лъик1лъи къвариг1арав чи гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ вуссараб мехалъ ва гьесдаса жив х1акъаб нухда т1овит1иги т1алаб гьабураб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев чи х1акъаб нухда т1овит1ула.

Цогидав чи жиндирго напсалъе бокьараб гьабун хьвадараб мехалъ, Аллагь-аварагги гьезул динги к1очон тараб мехалъ, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьев чиги к1очон тола ва жиндирго нухалъ ине виччан тола. Гьаб масъала бич1ч1а дуда Аллагь гурх1аяв! Ц1акъ жинда кант1изе кколеб, г1емер чияс мекъаб пикруги гьабулеб масъала буго гьаб.

**179. Дица г1адамазул ва жундузул ц1акъ г1емераб махлукъат бижана жужах1алде унеллъун ва гьездалъун жужах1 боркьулел.**

Бет1ергьан Аллагьасул азалияб г1елмуялдаго лъалел рук1арал гьал иман лъоларел рук1ин. **Гьел руго жидер рак1азда щибго жо бич1ч1уларел, жидер бераздаги щибго жо бихьуларел, жидер г1иназдаги щибго жо раг1уларел.** Ай жидеда бихьараб, раг1араб жоялъул щибго пикру гьабуларел, гьеб рек1елъе биччаларел. **Гьал г1адамал руго х1айваназул мисалалда ругел. Жегиги къосарал руго гьал.** Х1айваназда жидер бет1ергьан лъала, гьазда жидер Бет1ергьан лъалев гьеч1о. **Гьел руго жидер**

وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيرًا مِّنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ ۖ لَهُمْ
قُلُوبٌ لَّا يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لَّا يُبْصِرُونَ
بِهَا وَلَهُمْ ءَاذَانٌ لَّا يَسْمَعُونَ بِهَآ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ
كَٱلْأَنْعَٰمِ بَلْ هُمْ أَضَلُّ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ
ٱلْغَٰفِلُونَ ﴿١٧٩﴾

**гъапуллъиялъулъ тlерхьун ругел гlадамал.**

Ибнухатlибица абуна: жиндир гьава-напсалда нахъвилълъун, гьелъие бокьараб жо гьабун инсан хьвади буго бищунго гьев гьалаг гьавулеб ва жужахlалде вачунеб нух. Хlайваназда лъала жидее лъикlаб ва квешаб жо батlа гьабизе, хlалалаб ва хlарамаб жоялде кантlизеги. Нужеца катил халго гьабичlищ? Нужеца квен кьураб мехалъ гьеб нужеда асклоб чlун, нужее берцинаб макъанги бачун, щибго хlинкъичlого кваналеб букlуна. Нужер изну гьечlеб жо жинца босараб мехалъ, жиб бахчизе бакl цlехон лъутун уна ва нужедеги хlинкъун ва хlелун балагьула.

Нужеца нужер рагьда рукlунел гlанкlуязул пикру гьабуларищ? Жидее квен кьолев чиги, жал рачахъулев чиги гьезда ватlа гьавизе лъала. Гlаданил инсанги жинда гьава-напс къезабизе кlвараб мехалъ ва Аллагь ﷻ жиндир Бетlергьан вукlин лъараб мехалъ, жиндир инсанлъиялъул рахъалъан тlадегlанаб макъамалде вахуна. Ва амма жив щайтlаналъ гуккарав ва жинца напсалда квелъ бачlев чи бищунго гlамал мекъаб ва хъубаб хlайваналъул даражаялда вукlуна.

Ибнукасирица абуна: хlайванал вехьасе мутlигlлъула ва гьес рачаралъуре уна. Капурчияс Аллагьасде ﷻ инкар ккола ва гьесул расуласда нахъвилълъунаро. Хlайваназ гьел жиндие гlоло рижараб жо гьабула жидерго тlабигlаталдалъун: наяз гьоцlо гьабула, гlанкlуяз тlанчlи гьарун гьел хьихьула. Яги гьел хlайваназ инсанасе мутlигlлъун, гьес малъараб жо гьабула. Кинавго инсан Аллагьас ﷻ жиндие тlагlат-гlибадат гьабизе вижарав вуго. Капурчияс гьеб гlибадат жиндирго напсалдалъунги гьабуларо, жиндихъе вачlарав расуласе мутlигlлъунги гьабуларо. Гьаб магlна хал гьабураб мехалъ Аллагьасдаса ﷻ хlинкъун, расуласе мутlигlлъун хьвадарав инсан малаикзабазул даражаялда вуго. Аллагьасде ﷻ гlасилъарав инсан хlайваналъул даражаялдасаги гlодовегlан вуго.

وَلِلَّهِ ٱلۡأَسۡمَآءُ ٱلۡحُسۡنَىٰ فَٱدۡعُوهُ بِهَاۖ وَذَرُواْ ٱلَّذِينَ يُلۡحِدُونَ فِيٓ أَسۡمَٰٓئِهِۦۚ سَيُجۡزَوۡنَ مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٨٠

**180. Тlадегlанав Аллагьасул цlакъ берцинал цlарал руго. Нужеца дугlа гьабулеб мехалъ гьел Аллагьасул ﷻ цlарал гьоркьор ккун, гьездалъун Аллагьасде ﷻ гьарун гьабе дугlа. Нужеца гьел мушрикалги гьез гьабулеб къабихlаб пишаги нужедаса рикlкlад гьабе.**

**Гьел руго Аллагьасул ﷻ цlаразулъ жидеца гьереси бицунел,** гьезда рекъолареб жо гьабулел гlадамал. Мушриказ Аллагь абураб цlар хисизабун жидер хъанчалда «Аллат» абураб цlар лъуна, гьединго

«Алг1азиз» абураб ц1аралъул «Алг1узза» гьабуна, «Алманнан» абураб ц1аралъул «Алманат» гьабуна. **Гьел мушриказе ахираталде щведал гьабизе буго жидер г1амалалда рекъараб жазаъ.**

Сабунияс бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго: *«Т1адег1анав Аллагьасе ункъоялда анц1ила ич1го ц1ар буго. Гьал ц1арал рик1к1арав чи алжаналде лъугьуна»* – абун. х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана. Гьаб х1адисалъул маг1на буго: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц1арал лъазарурав, гьезулъ пикруги гьабурав гьезда рекъон г1амалги гьабурав чи алжаналде лъугьуна абураб. Гьаб х1адисалъул мурад гьеч1о Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ цоги ц1арал гьеч1о абураб.

Гьаб раг1иялъе далил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис: *«Дица дуда гьарулеб буго Аллагь, дур щибаб ц1аралдалъун: дуца жиб дур ц1ар буго абун абураб, дуца жиб абич1ого дурго г1елмуялда жаниб тараб, яги дуца дур лагъзадерил цониги чиясда жиб лъазабураб»* – абураб. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**181. Дица рижарал умматаздаса цо уммат буго жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин ккурал ва гьеб диналде г1адамалги ах1улел. Гьеб диналда рекъон г1амалги гьабулел, гьелда рекъон х1укмуги гьабулел.** وَمِمَّنْ خَلَقْنَآ أُمَّةٌ يَهْدُونَ بِٱلْحَقِّ وَبِهِۦ يَعْدِلُونَ ﴿١٨١﴾

Гьал руго Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасул умматалдаса муъминзаби. Хирияв х1абиб Мух1аммадица صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абун бугелъул:

*«Дир умматалъул цо къокъа т1аса унаро жидеца лъик1алдалъун амру гьабулеллъун, квешалдаса нагьюги гьабулеллъун, жал х1акъаб жоялда ч1ун, гьелъиеквербакъулеллъун. Жидеда хилиплъараз ва жидер рахъ ккеч1ого, квербакъич1ого тараз гьезие заралги гьабуларо. Гьеб кокъа гьаб х1алалда бук1ине буго къиямасеб къо щвезег1ан»* – абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьаб къокъа кидаго бук1унеб буго ва щибаб заманаялъ, щибаб бак1алда гьезул дагьал рук1унги г1емерал рук1унги жамаг1ат бук1уна. Гьеб буго х1акъикъияб исламалъул жамаг1ат ва гьеб х1алалъ ислам кидаго жиб т1адег1анаблъун, жиб бергьараблъун бук1уна. Мушрикал, пасикъал, г1асиял г1адамал г1емер ругониги, гьел г1адамаллъун рик1к1унаро ва гьезул къуват-бергьенлъиги бук1унаро. Х1акъаб жо бат1улаблъун бихьизабизе к1ваниги, гьеб х1акъаб жо къезабизе к1оларо: бах1арчи ч1вазе к1ваниги гьев къезавизе к1оларебг1адин.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб исламияб жамаг1атлъун нилъалъ гьареги.

**182. Жидеца дунги дир аяталги гьереси гьарулел г1адамал дица куфру-ширкалда** وَٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا سَنَسْتَدْرِجُهُم

مِّنۡ حَيۡثُ لَا يَعۡلَمُونَ ١٨٢

**жанир халат гьарила ва жидедаго лъач1ого ц1акъ гучаб жужах1алъул г1азабалъе х1акъаллъун гьарила.**

Аллагьас ﷻ гьел ниг1матазулъ ва рах1аталда тола, цинги жидеде рак1алдеги ккола гьел х1акъаб жоялда ругел г1адамал ругин абун, ва гьеб куфру-ширкалъулъ х1алхьон рук1уна. Гьеб буго Т1адег1анав Аллагьасул рахъалъан гьезие бугеб макру.

وَأُمۡلِي لَهُمۡۚ إِنَّ كَيۡدِي مَتِينٌ ١٨٣

**183. Дица гьел нахърахъун тола г1азаб гьабич1ого. Цинги г1азаб гьабулеб мех щведалго гьезие гучаб г1азаб гьабула. Х1акълъунго дир г1азаб ц1акъ гучаб буго.**

Гьеб г1азаб гьабиялда «макру» абун ц1ар тана гьелъул загьираб рахъ лъик1аб буго абун кколеб бугелъул: ниг1матал кьун, рах1ат-лазаталда къосараб къавм тейи буго гьелъул загьираб рахъ.

أَوَلَمۡ يَتَفَكَّرُواْۗ مَا بِصَاحِبِهِم مِّن جِنَّةٍۚ إِنۡ هُوَ إِلَّا نَذِيرٞ مُّبِينٌ ١٨٤

**184.** Маккаялъул мушриказ абураб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг жундуз ккун вугин абун, гьезие жаваб гьабун Аллагьас ﷻ абулеб буго: «**Гьал мушриказ пикру кин гьабулареб Аллагьасул ﷻ аятазул ва гьесул муг1жизатазул, цинги гьезда лъазе жидер авараг жундуз ккун гьеч1еблъи. Х1акъаб г1азабалдалъун х1инкъи кьолев Аллагьасул ﷻ расул вуго гьав Мух1аммад ﷺ, жиндир авараглъи загьирав,** жиндир авараглъиялъе х1ужа-далилги бугев. Бищунго к1удияб х1ужа гьаб хирияб Къуръан буго.

أَوَلَمۡ يَنظُرُواْ فِي مَلَكُوتِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا خَلَقَ ٱللَّهُ مِن شَيۡءٖ وَأَنۡ عَسَىٰٓ أَن يَكُونَ قَدِ ٱقۡتَرَبَ أَجَلُهُمۡۖ فَبِأَيِّ حَدِيثِۭ بَعۡدَهُۥ يُؤۡمِنُونَ ١٨٥

**185. Гьал мушрикал зобал-ракьазде ралагьун, гьенир жанир ругел махлукъатазда ралагьун, гьез пикру щай гьабулареб ва г1ибрат кин босулареб Аллагь ﷻ цо вук1ин лъазе. Гьел хвезе рук1иналъул ва г1агараб заманалъ хвезе бегьулин пикру кин гьабулареб,** гьелдалъунг1аги жидеде Аллагьасдаса ﷻ х1инкъи т1аде бач1инародай абун. **Гьаб хирияб Къуръаналдаги иман лъеч1они, жидеца щиб жоялдаха иман лъелеб?**

مَن يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُۥۚ وَيَذَرُهُمۡ فِي طُغۡيَٰنِهِمۡ يَعۡمَهُونَ ١٨٦

**186. Аллагьас ﷻ къосараб нухда тарав чи т1овит1изе к1олев щивго вук1унаро. Т1адег1анав Аллагьас гьеб куфру-**

**ширкалъул агьлу жидерго къосиналъулъ сверсведулел тола, жал х1айранлъун, жидеда х1акъаб нух батуларого.**
Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1акъаб дин гьабизе ва Къуръаналъул нухда хьвадизе ч1ух1ун, гьелдасан бат1ияб, лъик1аб нух ц1ехолел г1адамал ах1макъал г1адамал руго, гьезул дунялги г1адада хвараб буго, ахираталда абадияб жужах1алъул г1азабалъе х1акъалги руго.

يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلسَّاعَةِ أَيَّانَ مُرْسَىٰهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ رَبِّى ۖ لَا يُجَلِّيهَا لِوَقْتِهَآ إِلَّا هُوَ ۚ ثَقُلَتْ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ لَا تَأْتِيكُمْ إِلَّا بَغْتَةً ۗ يَسْـَٔلُونَكَ كَأَنَّكَ حَفِىٌّ عَنْهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ ٱللَّهِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٨٧﴾

**187.** Гьаб аят рещт1инабиялъе сабаб бицана: мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна мун авараг ватани, дуца нижеда бицеха къиямасеб къо кида ч1елеб абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас гьаб аят рещт1инабуна: **дуда гьел мушриказ гьикъулеб буго, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, къиямасеб къо кида ч1езе бугеб абун. Дуца гьезда абе гьеб къиямасеб къо кида ч1олеблъиялъул лъай буго дир Бет1ергьан Аллагьасда аск1об. Къиямасеб къо ч1езе бугеб заман цох1о Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гурони загьир гьабуларо. Зобал ракьазул агьлуялъе ц1акъ бак1лъун буго къиямасеб къоялъул амру.** Киналго гьелдасан х1инкъун руго, гьелъул зах1матал ах1валал т1аде щвей бокьич1ого руго.
**Гьеб къо нужеде т1аде бач1унаро тохлъукьего гурони. Дуда мушриказ гьеб къоялъул хабар гьикъулеб буго, мун вугев г1адин дуца гьеб г1емер гьикъулев ва бицунев. Жегиги дуца гьел мушриказда абе, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьеб къиямасеб къоялъул г1елму Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аск1об буго. Кинниги г1емерисел г1адамазда лъаларо къиямасеб къо ч1олеб заман бальго гьабиялъул х1икмат.**
Муъминзабазе мунпаг1ат бугеб х1икмат буго гьезда лъалеб гьеч1елъул кида гьеб къиямасеб къо ч1олебали, жидеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьабиялда т1ад ч1ей гьабула ва кидаго гьел х1адурун рук1уна Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру т1аде бач1иналде, жидерго г1адатияб хвелалъ хваниги, ахир къо т1аде щун хваниги.

قُل لَّآ أَمْلِكُ لِنَفْسِى نَفْعًا وَلَا ضَرًّا إِلَّا مَا شَآءَ ٱللَّهُ ۚ وَلَوْ كُنتُ أَعْلَمُ ٱلْغَيْبَ لَٱسْتَكْثَرْتُ مِنَ ٱلْخَيْرِ وَمَا مَسَّنِىَ ٱلسُّوٓءُ ۚ إِنْ أَنَا۠ إِلَّا نَذِيرٌ وَبَشِيرٌ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿١٨٨﴾

**188. Дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дирго напсалъе мунпаг1ат, яги зарал гьабизе к1оларо дида, Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бокьун гурони. Дида гьаибал бальгоял умурал лъалел рук1аралани:** къиямасеб къо кида ч1олеб, дунго кида холев,

**дица г1емераб лъик1лъи т1алаб гьабилаан ва диде бач1унеб къварилъиги нахъ ч1валаан.**
Диде щибго заралияб жоги щвезе бук1инч1о. Кинниги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хъвараб ва къадар гьабураб лъик1лъиниги квешлъиниги диде щола ва дида гьеб гьукъизеги к1оларо. **Дун вуго гьаб дир къавмалдаса иман лъурал г1адамазе алжаналдалъун роххел бицунев ва иман лъеч1езе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азабалдалъун х1инкъиги кьолев Бичасул расул.**

189. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго гьаб халкъалъул Бет1ергьан, жинца нуж киналго цох1о напсалдасан рижарав.** Гьевги Адам авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вуго. **Гьеб напсалдаса жиндие ч1ужуги гьаюрав,** Х1ава эбел йиго гьей, **гьелда жиндир рек1елгъей бук1ине. Цинги гьей Х1аваде т1аде жив лъугьараб мехалъ гьей лъимер гьабизе къинай лъугьана щибго черхалъе заралги гьеч1ого ва бигьаяб х1алалъ.** Цо чанго моц1алъ жинда ургьиб лъимер бук1иналдалъун к1удияб къварилъи бук1унаро. **Гьеб лъимер ургьибгун жий хьвадулейги йик1ана. Цинги лъимер бак1лъараб мехалъ,** жиндир черхги бак1лъараб мехалъ, **гьел к1иязго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гьари гьабуна: «Дуца нижее цо лъик1аб, баракат бугеб, черх сахаб, лъимер кьуни, нижеца дуе щукру гьабила, дур ниг1маталги нижеда к1оченаро»** – **абун.**

هُوَ ٱلَّذِي خَلَقَكُم مِّن نَّفۡسٖ وَٰحِدَةٖ وَجَعَلَ مِنۡهَا زَوۡجَهَا لِيَسۡكُنَ إِلَيۡهَاۖ فَلَمَّا تَغَشَّىٰهَا حَمَلَتۡ حَمۡلًا خَفِيفٗا فَمَرَّتۡ بِهِۦۖ فَلَمَّآ أَثۡقَلَت دَّعَوَا ٱللَّهَ رَبَّهُمَا لَئِنۡ ءَاتَيۡتَنَا صَٰلِحٗا لَّنَكُونَنَّ مِنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ١٨٩

190. **Цинги дица гьезие лъик1аб, сахаб, сурат-жинс берцинаб лъимер кьедал, гьеб лъимералъги гьезул наслу-тухумалъги дидехун ширк гьабизе байбихьана ва хъанчазе, лагълъи гьабизе лъугьана. Аллагь Т1адег1анав вуго гьезул ширкалдаса, жив вац1ц1адав вуго мушриказ жиндехун г1унт1изе гьарулел г1айибаздасаги: г1ахьалчи вук1иналдаса, лъимер-хъизан бук1иналдаса.**

فَلَمَّآ ءَاتَىٰهُمَا صَٰلِحٗا جَعَلَا لَهُۥ شُرَكَآءَ فِيمَآ ءَاتَىٰهُمَاۚ فَتَعَٰلَى ٱللَّهُ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ١٩٠

Гьаб аяталъе тафсир гьабуна Жалал абулеб т1ехьалда: гьезие лъимер гьабураб мехалъ гьеб лъимералда ц1ар лъуна Г1абдулх1арис абун. Гьеб ц1ар лъейги щайт1аналъ Х1ава эбелалда илгьам гьабун лъуна. Гьей лъимер гьабун, гьеб ч1аго хут1уларого йик1аго, гьав вас гьавураб мехалъ щайт1аналъ абуна гьесда ц1ар лъе Г1абдулх1арис абун, гьев ч1аго хут1изе вугин абун. Г1емерисел г1алимзабаца гьеб тафсир бит1араблъун рик1к1инч1о ва нилъеца цебехун хъвараб тафсир

бит1араблъун бихьизабуна.

أَيُشۡرِكُونَ مَا لَا يَخۡلُقُ شَيۡـٔٗا وَهُمۡ يُخۡلَقُونَ ١٩١

**191. Жидеца алагьзабилъун кин кколел жидеда щибго жо бижизе к1оларел хъанчал ва ганч1ал. Гьал алагьзабиги, гьазие лагълъи гьабулел мушрикалги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рижарал рук1ингун цадахъ.**

وَلَا يَسۡتَطِيعُونَ لَهُمۡ نَصۡرٗا وَلَآ أَنفُسَهُمۡ يَنصُرُونَ ١٩٢

**192. Гьал мушриказе кумек гьабизе жидер х1ал к1оларел ва жидерго напсалги ц1унизе к1оларел, гьезие зарал гьабулел г1адамаздаса.**

Гьадиг1анго заг1ипал, г1одорег1анал жал алагьзабилъун кин рук1унел?

وَإِن تَدۡعُوهُمۡ إِلَى ٱلۡهُدَىٰ لَا يَتَّبِعُوكُمۡۚ سَوَآءٌ عَلَيۡكُمۡ أَدَعَوۡتُمُوهُمۡ أَمۡ أَنتُمۡ صَٰمِتُونَ ١٩٣

**193. Нужеца гьел хъанчал ах1ани х1акъаб дин гьабиялде гьез гьеб ах1иялъе жаваб кьоларо ва нужеда нахърилълъуларо: рух1 гьеч1ел ганч1ал, хъарщал ругелъул гьел. Нужее щибго бат1алъи гьеч1о гьел хъанчазде ах1и баниги яги нуж руц1ц1ун ч1аниги.**

хъанчазде ах1и баялдалъун нужее щибго мунпаг1ат гьеч1о гьаб дунялалъул рукъуб, амма ахираталда жужах1алъул г1азаб бук1ин х1акъаб раг1и буго.

Ибнукасирица абуна: жидеда Аллагь разилъаял Муг1аз ибну Жабал ва Муг1аз ибну Г1амру исламалде рач1араб мехалъ г1исинал г1олохъаби рук1ана. К1иясго релъедал къват1ир рахъун мушриказул хъанчал гъурун, хвезарун гьезул ц1а бакулеб ц1ул гьабулаан. Г1амру ибну Жамух1 (Муг1азил эмен) къавмалъул к1удияв вук1ана ва гьесул хассаб хъанч бук1ана жинца гьелда гьуин мах1ал гьарун, гьелъие лагълъи гьабулеб. К1иявго Муг1азица релъедал рач1ун гьеб хъанч бет1ер бехе гьабун лъолаан ва т1ад хъублъиги бахунаан. Г1амруца чурун, бац1ц1ун, ц1идасан гьуин мах1 гьабун къач1алаан. Цо нухалъ Г1амрул ццим бахъана ва жинца хвалчен лъуна гьелда аск1об: дуде квер хъварав чиясда кьабе абун. Гьеб сордоялъ рач1ун дов к1иявго Муг1азица гьеб хъанч цо хвараб гьвеялъул балканалда бухьун басрияб гъуялде жанибе рехана. Нахъисеб къоялъ Г1амруда гьаб иш бихьидал бич1ч1ана жинца гьабулеб жо бат1улаб бук1ин ва гьес абуна: «Аллагьасх1аги мун бук1арабани дуе г1ибадат гьабулеб алагьлъун, гьаб гьвеялъул балкангун цадахъ гъуялда жаниб мун бук1инароан» – абун. Цинги Г1амруца исламияб дин босана ва Ух1удалда шагьидлъана.

Аллагь разилъаги гьав Г1амруда ва киналго асх1абзабазда.

**194. Х1акълъунго нужеца т1адег1анав Аллагь живго тун, алагьзабилъун ккун жидее г1ибадат гьабулел хъанчал, нужго г1адин Аллагьас ﷻ рижарал жал руго ва гьесул махлукъ буго**.

إِنَّ ٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ عِبَادٌ
أَمۡثَالُكُمۡۖ فَٱدۡعُوهُمۡ فَلۡيَسۡتَجِيبُواْ
لَكُمۡ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ١٩٤

Жегиги гьел нужедасан г1одорег1анал руго, жиделъ ч1аголъи гьеч1ел жал ругелъул. Гьаб амруялда рекъон гьеч1ев чияс **гьезда ах1и бай ва гьездаса нужее жаваб кьей т1алаб гьабе.** гьел аллагьзаби руго абураб **даг1баялъулъ нуж рит1арал ратани:** Гьел алагьзаби гьеч1о ва гьез ах1иялъе жаваб кьоларо. Кинабг1аги лъик1лъи, яги квешлъи гьабизеги гьезда к1оларо.

**195. Гьел нужер алагьзабазул х1ат1алищ ругел гьездалъун жал хьвадулел ва гьезул кверализщ ругел, гьездалъун жидеца кьабулел, гьезул берализщ ругел жидедалъун канлъи бихьулел, яги гьезул г1ундулищ ругел жидедалъун жо раг1улел.**

أَلَهُمۡ أَرۡجُلٞ يَمۡشُونَ بِهَآۖ أَمۡ لَهُمۡ أَيۡدٖ
يَبۡطِشُونَ بِهَآۖ أَمۡ لَهُمۡ أَعۡيُنٞ يُبۡصِرُونَ
بِهَآۖ أَمۡ لَهُمۡ ءَاذَانٞ يَسۡمَعُونَ بِهَاۗ قُلِ ٱدۡعُواْ
شُرَكَآءَكُمۡ ثُمَّ كِيدُونِ فَلَا تُنظِرُونِ ١٩٥

Гьеч1о гьезул цониги жо гьал рехсарал жалаздаса. **Дуца гьезда абе: «Ах1еха нужеца ширк гьабулел аллагьзаби ва дие х1илла - макру гьабе, дие цо къварилъи гьабе! Ва нужеца гьаб амру нахъбахъун тоге!** Дун нужедаса х1инкъун гьеч1о, дир мугъч1вай цох1огояв Аллагьасде ﷻ буго.

**196. Х1акълъунго дие квербакъулев, дир умуразул тадбир гьабулев вали жинца дида Къуръан рещт1инабурав Аллагь ﷻ вуго. Гьев Аллагь ﷻ киналниги муъминзабазул валиги вуго. Дунял-ахираталда жинца гьезие квербакъулев, гьел ц1унулев вуго.**

إِنَّ وَلِـِّۧيَ ٱللَّهُ ٱلَّذِي نَزَّلَ ٱلۡكِتَٰبَۖ وَهُوَ
يَتَوَلَّى ٱلصَّٰلِحِينَ ١٩٦

**197. Аллагьги ﷻ живго тун, нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчал жидеего квербакъизе к1оларел ва нужее квербакъизеги жидер х1ал к1оларел жал руго.**

وَٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِهِۦ لَا يَسۡتَطِيعُونَ
نَصۡرَكُمۡ وَلَآ أَنفُسَهُمۡ يَنصُرُونَ ١٩٧

**198. Нужеца гьел х1акъаб диналда ах1ани гьезда гьеб ах1и раг1унаро. Дуда гьел рихьула, дуде ралагьун ругеб**

وَإِن تَدۡعُوهُمۡ إِلَى ٱلۡهُدَىٰ لَا يَسۡمَعُواْۖ وَتَرَىٰهُمۡ
يَنظُرُونَ إِلَيۡكَ وَهُمۡ لَا يُبۡصِرُونَ ١٩٨

**г1адин, амма гьезда щибго жо бихьуларо.**

Ганч1ил, яги ц1улал гьарурал суртал рутелъул гьезул щибго жо гьабизе гьунар бук1унаро. Гьезул г1акълу гьеч1о, бихьи, раг1иги гьеч1о.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб к1иго аяталда жаниб цебеги бицараб жо такрар гьабуна г1енеккарав чиясда мух1канго бич1ч1ине хъанчазе лагълъи гьабулел г1адамал гьел хъанчазда релълъарал, жидеда щибго жо бич1ч1унарел, жидер г1акълу гьеч1ел рук1ин. Дагьабниги г1акълу бугев чияс жив вижарав, хьихьулев, хвезавулев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об цоги жо гьабуларо, гьелда гьаризе, х1елизе ва гьелда хьул лъезе.

**199. Дуца г1адамазулгун гьабулеб г1амалалъулъ бигьаяб х1еренаб нух т1аса бище Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ,** дуе зулму гьабуравги т1аса лъугьун те. Дуе лъик1лъи гьабич1есеги лъик1лъи гьабе. Дудехун ц1об-рах1му гьабич1ониги, дуца гьеб ц1об-рах1му гьабе. **Дуца х1акъаб жоялдалъун амруги гьабе.** Берцинаб раг1иялдалъун, дурго лъик1аб г1амалалдалъун гьесизаре г1адамал х1акъаб, бит1араб нухалде.

خُذِ ٱلْعَفْوَ وَأْمُرْ بِٱلْعُرْفِ وَأَعْرِضْ عَنِ ٱلْجَٰهِلِينَ ١٩٩

**Дуца жагьилал г1адамал сан гьарич1ого те,** гьез гьабуралда релълъараб ах1макъаб жо гьабуге ва гьезул раг1и-г1амал г1адахъги босуге, гьездехун гурх1ел ва х1алимлъи гьабе.

Гьаб аяталда жаниб бугеб жо Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде хит1аб гьабун абун бугониги, киналго муъминзабазе г1аммаб хит1аб буго ва гьаб амру т1убарав чи Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разияв вук1ин х1акъаб жо буго.

**200. Дудехун щайт1аналъ цо квешаб жо гьабуни ва мун вас-васалде ккезавуни, дуца Аллагьасдалъун جَلَّ جَلَالُهُ ц1уни гьаре гьеб щайт1аналъул квешлъиялдаса.**

وَإِمَّا يَنزَغَنَّكَ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ نَزْغٌ فَٱسْتَعِذْ بِٱللَّهِ إِنَّهُۥ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٢٠٠

**Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жинда раг1улев ва жинда лъалев вуго.**

Гьаб щайт1ан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъ бугелъул, гьелъул квешлъиялдаса ц1униги, гьелъул Халикъасдалъун гьаризе ккола.

Цо муг1алимас жиндир мутаг1алимасда абуна: «Дуца щиб жо гьабизе бугеб нагагь щайт1аналъ мун цо квешлъи гьабизе ах1улев вугони» – абун. Гьев васас абуна: «Дун гьелде данде ч1езе вуг» – абун. Муг1алимас абуна: «Цингиги щайт1ан дуда хадуб ч1ани щиб дуца гьабилеб» – абун. Гьев васас абуна: «Дун жегиги гьелде данде ч1ела» – абун. Муг1алимас абуна: «Гьединги щайт1аналъ мун толев гьеч1они

щиб гьабилеб» – абун. Гьев васас абуна: «Дун гьелда данде ч1ела» – абун. Муг1алимас абуна: «Гьеб жо ц1акъ халатаб рагъ буго, жиндие ахирго гьеч1еб г1адаб.

Мун цо г1иял рехъеналда аск1осан унев вук1ани, цинги гьеб г1и ц1унарал гьаби дуда хадур лъугьани, щиб жо дуца гьабилеб» – абун. Гьев мутаг1алимас абуна: «Дица гьел гьаби нахъч1вала ва гьездаса дун ворч1изе г1амал гьабила» – абун. Цинги муг1алимас абуна: «Гьебги ц1акъ халатаб рагъ бук1инаха. Дуца гьеб г1иязул бет1ергьанасда ах1ани гьал гьаби ч1езареян абун, гьеб лъик1аб буго дуе ва гьев чияс гьаби ч1езарила» – абун. Гьаб къисса буго щайт1абаздаса ц1унизе бокьарав чиясе Аллагьасдалъун جَلَّ جَلَالُهُ ц1унизе т1адаб бук1ин бицунеб.

**201. Х1акълъунго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарал г1адамазда щайт1аналъ цо вас-вас ва щакдари т1ад бач1инабураб мехалъ, гьез рак1алде щвезабула ахират ва гьениб бугеб х1исаб-мизан, алжан-жужах1. Цинги гьел г1адамазул рак1азда нур бала ва гьелдалъун жал щайт1аналъул зараналдаса хвасарлъула.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ إِذَا مَسَّهُمْ طَٰٓئِفٌ مِّنَ ٱلشَّيْطَٰنِ تَذَكَّرُوا۟ فَإِذَا هُم مُّبْصِرُونَ ٢٠١

**202. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ жал х1инкъуларел, куфру-ширкалда ч1арал, щайт1а-базул вацал (гьудулзаби) гьеб щайт1аналъ къосиналда жанир ч1езарула ва гьел жидер куфру-ширкалдаса рахъунго кколаро.**

وَإِخْوَٰنُهُمْ يَمُدُّونَهُمْ فِى ٱلْغَىِّ ثُمَّ لَا يُقْصِرُونَ ٢٠٢

**203. Гьел мушрикаца т1алаб гьабураб муг1жизат Аллагьас дуе кьеч1еб мехалъ, гьез абулеб буго: дуцаго щайха цо муг1жизат ургъулареб?–абун.** Гьаб буго жидеца Аллагь-авараг сан гьавич1ого абулеб раг1и. **Дуца гьезда абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: дун вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида вах1ю гьабураб жоялда нахъвилълъарав чи-абун.** Дун вуго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагь ва гьесул расул. Дида т1адаб жо буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру т1убазаби. Мушриказ, яги цогидаз т1алаб гьабулеб жо т1убазаби дида т1адаб гьеч1о.

وَإِذَا لَمْ تَأْتِهِم بِـَٔايَةٍ قَالُوا۟ لَوْلَا ٱجْتَبَيْتَهَا ۚ قُلْ إِنَّمَآ أَتَّبِعُ مَا يُوحَىٰٓ إِلَىَّ مِن رَّبِّى ۚ هَٰذَا بَصَآئِرُ مِن رَّبِّكُمْ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ٢٠٣

**Гьаб хирияб Къуръан баянал х1ужаби руго ва гвангъараб далилги буго.** Гьаб Къуръан цоги муг1жизатазда х1ажалъич1ого жинца инсан г1ажиз гьабулеб жоги буго. **Рак1азе жо лъаялъе сабабги буго. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал г1адамазе рах1матги буго, жинца**

**гьел х1акъаб диналда т1орит1улеб имамги буго.**

**204. Нужеда раг1улеб бак1алда гьаб хирияб Къуръан ц1алараб мехалъ нуж гьелда г1енекке ва руц1ц1ун ч1а.**

وَإِذَا قُرِئَ ٱلْقُرْءَانُ فَٱسْتَمِعُوا۟ لَهُۥ وَأَنصِتُوا۟ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٢٠٤﴾

Гьеб Къуръаналъул пикруги гьабе, гьелдасан насих1атги босе. **Гьадин нуж хьвадани Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужеда гурх1ила.**

Мазгьабалъул имамзаби хилиплъана какилъ Къуръан ц1алиялъул х1укмуялъулъ. Имам Шапиг1ил мазгьабалда рекъон как балев щивав чиясда т1адаб буго жинца Алх1ам ц1ализе, имамасда хадув как балев вугониги, живго как балев вугониги. Алх1амалда хадуб имамас раг1изабун сурат ц1алула рогьалил, марк1ач1ул ва богол как балеб мехалъ. Гьесда хадуб как балев г1енеккун ч1ола. Имамасул ц1али раг1уларев чияс жинцаги сурат ц1алила. Абу-Х1анипатица абуна: «Имамасда хадуб как балев чиясда Къуръаналъул щибго жо ц1ализе т1адаб гьеч1о» – абун.

**205. Дуца Бет1ергьан Аллагь рехсе мун кинаб х1алалда вук1аниги, вахъунч1ун, г1одовч1ун ва дурго напсалда жанив, гьесие х1елун, гьесдасан х1инкъун, гьаракь борхизабич1ого. Щибаб г1ужалъ рехсе Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**: радалги, къасиги ва мун Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **рехсеялдаса гъапулал г1адамаздаса вук1унге.**

وَٱذْكُر رَّبَّكَ فِى نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ ٱلْجَهْرِ مِنَ ٱلْقَوْلِ بِٱلْغُدُوِّ وَٱلْءَاصَالِ وَلَا تَكُن مِّنَ ٱلْغَٰفِلِينَ ﴿٢٠٥﴾

Гьезда гьоркьовги вук1унге, гьел данделъулел мажлисаздаги унге. Гьел г1адамазул ракl бецц1лъиялъ дуе зарал гьабизе бегьула.

**206. Дур Бет1ергьан Аллагьасда аск1ор ругел хириял малаикзаби жал ч1ух1уларел руго Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **г1ибадат гьабизе. Жидеца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **тасбих1 гьабулелги руго** гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1ад гьавун жинда рекъолареб щинаб жоялдаса. **Жидеца суждаги гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьабулел руго,** цоги щибго жоялъе сужда ва г1ибадат гьабуларел руго.

إِنَّ ٱلَّذِينَ عِندَ رَبِّكَ لَا يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِهِۦ وَيُسَبِّحُونَهُۥ وَلَهُۥ يَسْجُدُونَ ۩ ﴿٢٠٦﴾

Гьаб аят ц1аларас ва жинда гьеб ц1алулеб раг1арас сужда гьабизе суннатаб буго. Гьабги Къуръан ц1алиялъул суждабазул авалаб сужда буго.

Гьаб сужда гьабиялъул къаг1ида буго: какилъ суждаялъул аят ц1алани, сужда гьабула, г1одор унелъулги т1ад рорхунелъулги Аллагьу акбар абун.

Какилъ гьеч1еб цоги бокьараб къаг1идаялъ суждаялъул аят ц1алани, гьединги сужда гьабула, суждаялда унаго ворхулаго, Аллагьу акбар абун ва гьеб суждаялда гьабулеб зикроги буго: субх1ана раббиял аг1ла- ян аби. Цоги ц1ик1араб бат1ияб жоги гьабуларо, гьедин суждаги камиллъула

Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул Аг1рафалъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецщги т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 8. Суратул Анфал

سُورَةُ الأَنفَالِ

*Мадинаялда рещт1инабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анц1ила щуго аят бугеб.*

*Цогидал Мадинаялда рещт1инарурал суратаздаго релълъун, гьаб суратги шарг1иял х1укмаби рициналда хурхараб буго. Амма гьаб сураталда жаниб г1емер бицен гьабун буго Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабиялъул ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гъазават гьабиялъул. Рагъда хурхарал г1емерал масъалаби баян гьарун рицун руго. Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло рагъулел муъминзабазе гьесул рахъалъан ругел насих1аталги руго. Рагъ гьабиялъул, рекъел-маслих1ат гьабиялъул, пай-гъаниматалъул, асирзабазул х1укмуги бицун буго.*

*Гьаб сурат рещт1инабуна Бадруялда бук1араб гъазаваталдаса хадуб. Гьабги исламиял гъазаватазул авалаб бук1ана. Аллагьасул ﷻ боял бергьине байбихьиги бук1ана гьеб гъазават. Цо-цо асх1абзабаз гьаб сураталда ц1ар абулаан «Суратул Бадр» абун: гьаб сураталда жаниб баянго ва г1ат1идго бицун бугелъул гьеб Бадруялда бук1араб гъазаваталъул. Бусурманчи тушманасда данде ч1езе кколеб х1алги баян гьабун буго: т1убараб бах1арчилъигун, щулияб ниятгун ва къвак1араб рак1гун.*

*Гьаб Бадроялъул гъазават бук1ана рамазан моц1алъ гьижраялъул тарихалъул к1иабилеб соналъ. Гьеб бук1ана х1акъаб исламияб динги бат1улаб ширкги т1оцебе цоцазда данч1вараб заман. Аллагьасул ﷻ кумекалдалъун бусурбабазе бергьенлъи щвана гьеб рагъулъ, ярагъги къадараб бук1ун, г1адамалги дагьал рук1ун, рагъуе х1адурлъиги бук1инч1ого ва рагъуе махщелги бук1инч1ого. Гьаб рагъулъ бусурбаби бергьараб мехалъ капураб къавмалда бич1ч1ана киг1ан гьел къуватал ругониги, г1емерал ругониги, ахир-къадги гьел къезе рук1ин ва бергьенлъи исламияб диналъе бук1инги.*

*Гьаб сураталда жаниб анлъго нухалъ Аллагьас ﷻ муъминзабазде хит1аб гьабулеб буго: «Я гьал иман лъурал г1адамал» – абун ва гьезда бич1ч1изабулеб буго Аллагьасул ﷻ тушбабазде данде кин ч1езе кколел, гьеб куфру-ширкалъул агьлуялда рагъ гьаби иманалъул бищун чара гьеч1еб сипат бук1ин ва жидее бергьенлъи щвейги жидер иманалъул камиллъиялда бараб бук1унеблъи, ярагъалдаги, г1адамал г1емерлъиялдаги бараб гьеч1еблъи.*

*<u>Т1оцебесеб хит1абалда:</u> Аллагьас ﷻ муъминзабазда лъазабулеб буго рагъдаса лъути к1удияб мунагь бук1ин ва лъутарал г1адамазе к1удияб г1азаб бук1инги.*

*<u>К1иабилеб хит1абалда:</u> амру гьабулеб буго Аллагьасде ﷻ ва гьесул аварагасе ﷺ мут1иг1лъе абун.*

*<u>Лъабабилеб хит1абалда:</u> абулеб буго Аллагьасул расулас ﷺ жинде ах1улеб дин ва жигьад бугин ч1аголъи, къадру к1одолъи, дунял-ахираталда бахьи буголъи.*

*<u>Ункъабилеб хит1абалда:</u> абулеб буго муъминзабазда жаниб бугеб балъголъи тущбабазда загьир гьаби Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги ﷺ ва исламияб умматалъеги хиянат бугин абун.*

*<u>Щуабилеб хит1абалда:</u> муъминзаби кант1изарулел руго Аллагьасдаса ﷻ х1инкъи кинабниги лъик1лъиялъул аслу бук1иналда. Гьеб х1инкъиялъул бищунго к1удияб хайир буго Аллагьас ﷻ муъминчиясул рек1елъе жиндир нуралъул асар гьабулеб бук1ин, гьеб нуралдалъун муъминчиясда х1акъабги бат1улабги жо бат1а гьабизе к1олеб, къосинги т1орит1елги лъалеб.*

*<u>Анлъабилеб хит1абалда:</u> муъминзабазе баян гьабулеб буго жидер къадру к1одолъиялда ва бергьенлъиялде гьел щолеб нух: тущманасде данде ч1ун, тущман данде ч1вараб мехалъ сабру гьабун. Аллагьасул ﷻ къуват-гуч рак1алде щвезабун, Аллагь ﷻ г1емер рехсеялдалъун рух1ияб ч1аголъи щула гьабун.*

*Сураталъул ахиралда баян гьабун буго киналго муъминзаби цоцазе вацал рук1ин, киг1ан к1удияб исламияб давлат бугониги, киг1ан жал цоцаздаса рик1к1ад ругониги, бусурбаби цо уммат бук1ин. Гьединго капураб, къосараб къавмги цоцазул гьудулзаби ва цо уммат бук1ин.*

*Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса х1адис бицана:*

*«Бадруялда рагъ бугеб къоялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Жинца чи ч1варасе гьадинаб жо бук1ине буго, жинца чи асир гьавурасе гьадинаб жо бук1ине буго» – абун. К1удиял (херал) асх1абзаби байрахъал кодорги ккун гьезда гъоркь ч1ун рук1ана, г1олохъаби рагъул майданалда рагъулел ва гъаниматал (давла) бак1арулел рук1ана. Рагъ лъугьун хадуб к1удиял асх1абзабаца абуна: «Нижееги бут1а кье гъаниматалдаса. Нижеца нуж ц1унун рук1ана ва нижеде къо ккун бук1арабани, нуж нижехъе к1анц1изе рук1ана» – абун. Г1олохъабаца гьезие бут1а гьабич1о. Цинги гьаб хабар борхана*

*Аллагьасул расуласда (Жинда свалат салам лъеяв). Бет1ергьан Аллагьас гьал хадур ругел аятал рещт1ине гьаруна ва аварагас* ﷺ *Бадруялъул гъанимат киналго асх1абзабазда гьоркьоб бикьана.* Х1адис имам абу-Давудица бицана.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلْأَنفَالِ ۖ قُلِ ٱلْأَنفَالُ لِلَّهِ وَٱلرَّسُولِ ۖ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَأَصْلِحُوا۟ ذَاتَ بَيْنِكُمْ ۖ وَأَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١﴾

1. **Дуда гьикъулеб буго Мух1аммад** ﷺ**, гъаниматалъул х1акъалъулъ.** Кин гьеб бикьилеб, лъие щиб кьелеб абун. **Дуца абе: кинабго гъаниматалъул х1укму ва ихтияр Аллагьасда** ﷻ **ва гьесул расуласда буго. Нуж Аллагьасдаса х1инкъа гьаб хабар бицун цоцазда рак1 хвезабун рук1ине ва нужеца нужеда гьоркьоб маслих1ат гьабе ва цоцаде хилиплъи тун, цоцалъ рекъон рук1а. Нуж Аллагьасеги ва гьесул расуласеги мут1иг1лъе, нуж иман камилал, х1акъикъиял муъминзабилъун ратани.**

إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ ٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ ٱللَّهُ وَجِلَتْ قُلُوبُهُمْ وَإِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُهُۥ زَادَتْهُمْ إِيمَٰنًا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٢﴾

2. **Х1акълъунго жидер иман камилал, Аллагьасе** ﷻ **г1ибадат бац1ц1ад гьабулел муъминзаби руго Аллагь** ﷻ **рак1алде щвараб мехалъ жидер рак1ал х1инкъулел:** гьесул к1одолъи, х1алк1олъи лъан, бич1ч1ун. **Жидее Аллагьасул** ﷻ **Къуръан ц1алараб мехалъ гьелдалъун иман ва рек1елч1ей жегиги ц1ик1унел. Киналго умуразулъ цох1о Аллагьасда** ﷻ **таваккал т1амун, гьесда божун рук1унел,** гьесдаса гурони х1инкъуларел.

ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَمِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ يُنفِقُونَ ﴿٣﴾

3. **Жидеца х1укъукъал т1уран паризаял какал ралел ва дица кьураб ризкъиялдаса паризаяб закат ва суннатаб садакъа кьолел.**

أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُؤْمِنُونَ حَقًّا ۚ لَّهُمْ دَرَجَٰتٌ عِندَ رَبِّهِمْ وَمَغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٤﴾

4. **Гьал г1адамал руго жидеца Аллагьасда** ﷻ **х1акъаб иман лъурал.** Гьез иман лъейгун цадахъ лъик1ал г1амалалги гьарулел ругелъул. **Гьезие руго жидер бет1ергьанасда аск1ор т1адег1анал даражаби. Гьезие Аллагьасул** ﷻ **мунагьал рахчиги буго ва алжаналъул**

**сахаватаб, абадияб, гьел к1одо гьариялда хурхун жидее кьолеб ризкъиги буго.**

Т1адег1анав Аллагьас жив разиял муъминзабазул сипатал рицана гьаб лъабго аяталда жаниб, гьаб сурат жиндалъун байбихьараб гъазаваталъул ва гъаниматалъул хабарги гьоркьоб къот1изабун, гьеб гъазаваталъул амру ц1акъ к1удияб амру бук1иналъ ва гьелда къват1ив вахъунев чи х1акъикъияв муъминчи вук1ине т1адаб бугелъул.

Ибнухат1ибица абуна: дуца гьал аятал ц1але ва дур напсалъул пикру гьабе, я гьав муъминчи! Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьанир рицарал сипатал дур чорхолъ ратани, дуца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рецц гьабе ва дуе к1удияб рохел буго. Гьел сипатал дур чорхолъ ратич1они мун жив гурх1улев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ х1еле, жив хирияв, вокьулев, жинца жаваб хехго кьолев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ дуг1а гьабун дур иман камил гьаби ва якъин щула гьаби т1алаб гьабе–абун.

كَمَآ أَخۡرَجَكَ رَبُّكَ مِنۢ بَيۡتِكَ بِٱلۡحَقِّ وَإِنَّ فَرِيقٗا مِّنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ لَكَٰرِهُونَ ٥

**5. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун къват1иве вахъинавурав г1адин, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Мадинаялда дурго рукъов вук1арав чи: жиндир х1акъаб амруялдалъун ва гьеб къват1иве вахъин цо муъминзабазе бокьун бук1инч1ониги:**

жидер рагъуе х1адурлъи ва махщел бук1инч1ого. Гьадинго гьел муъминзабазул дудехун бугеб хабарги гъанимат бикьиялъул бах1салъулъ: цо-цо муъминзабазе бокьун бук1инч1о гъаниматалдасан цо бут1а Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бат1а бахъун хассал г1адамазе кьезе.

يُجَٰدِلُونَكَ فِي ٱلۡحَقِّ بَعۡدَ مَا تَبَيَّنَ كَأَنَّمَا يُسَاقُونَ إِلَى ٱلۡمَوۡتِ وَهُمۡ يَنظُرُونَ ٦

**6. Ва гьабго х1алалъ дудехун к1алъалел руго цо муъминзаби мун жинда вугеб х1акъаб амруялъулъ-къурайшиязда рагъ гьабизе мун вахъиналъулъ, гьеб х1акъаб жо жидее баянлъун бук1ун хадурги. Гьел рагъ гьабизе х1инкъун руго ва балагьун бералгун** (ургъунго, лъалаго бук1ун) **жал цере къот1ун хвалиде рачунел г1адамазда релълъун руго.**

وَإِذۡ يَعِدُكُمُ ٱللَّهُ إِحۡدَى ٱلطَّآئِفَتَيۡنِ أَنَّهَا لَكُمۡ وَتَوَدُّونَ أَنَّ غَيۡرَ ذَاتِ ٱلشَّوۡكَةِ تَكُونُ لَكُمۡ وَيُرِيدُ ٱللَّهُ أَن يُحِقَّ ٱلۡحَقَّ بِكَلِمَٰتِهِۦ وَيَقۡطَعَ دَابِرَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٧

**7. Т1адег1анав Аллагьас нужее къот1и гьабураб мехалъ к1иго къокъаялъул цояб нужее щвезе буго абун, (нуж гьезда т1ад бергьине руго), нужее бокьулеб буго жиндилъ къуват гьеч1еб, ярагъги гьеч1еб, г1емераб боц1и-мал бугеб Абу-Суфянил**

**къокъа нужее щвезе. Т1адег1анав Аллагьасе бокьула жинца х1акъаб жо х1акъ гьабизе жиндир къот1иялдалъун:** нужее цояб къокъа буго абураб къот1иялдалъун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьун буго х1акъаб исламияб дин т1аде борхизабизе, гьелъие квербакъизе **ва жинца куфру-ширкги кьолболъанго т1аг1инабизе.**

Гьаб аяталъул маг1на буго: нужеца т1алаб гьабулеб ва нужер хьул лъолеб жо буго гьаб дунялалъул маг1ишат, щибго жиндир къимат гьеч1еб, жиб паналъун т1аг1унеб, гьединго нуж сах-саламат хут1иги бокьун буго нужее ярагъ гьеч1еб къокъаялда т1аде к1анц1ун гьезул боц1и-мал бахъун. Т1адег1анав Аллагьасе бокьула т1адег1анал умурал: исламияб дин т1адег1анаб гьаби ва куфру-ширк т1аг1инаби. Гьелдалъун нужер дунял ахираталъул киналго лъик1лъабазда кверщел батизе. Гьедин бугелъул Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нуж къуватаб, яргъид г1уц1араб къокъагун дандч1вазаруна ва гьездаса бергьинеги гьаруна. Нужеда загьиралда бихьизабуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ, кин нужее квербакъулебали ва кин капурзаби инжит гьарулебали.

8. Т1адег1анав Аллагьас гьаб амру гьадин гьабуна **жинца х1акъаб исламияб дин х1акъ гьабизе, гьеб бергьинабизе ва бат1улаб куфру-ширк бат1ул гьабизе, гьеб къезабизе. Киг1анго гьаб иш Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **г1асиял мушриказе рихараб бугониги,** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир амру жиндие бокьухъин т1убазабула.

لِيُحِقَّ ٱلْحَقَّ وَيُبْطِلَ ٱلْبَٰطِلَ وَلَوْ كَرِهَ ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿٨﴾

Тафсиралъул г1алимзабаца гьал аятазе тафсир гьабун бицана: Шамалда даран-базаралъе ун бук1араб къурайшиязул къапила– (караван) т1адбуссун бач1унеб бук1ана г1емераб, бечедаб даран-базаргун. Гьеб къапилаялъул бет1ер вук1ана Маккаялъул ханзабазул цояв Абусупян. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасде Жабраил малаик вач1ана ва жинца бицана т1адег1анав Аллагьас нужее к1иго къокъаялъул цояб къот1и гьабун бук1ин: «я гьаб дармил къапила, яги къурайшиязул рагъул аскар»-абун. Хирияв аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ жидеда Аллагь разилъаял асх1абзабазда мушавара гьабидал гьезие бокьана дармил къапилагун дандч1вазе. Гьезул г1адамалги дагьал рук1ун, хазинаги г1емераб бук1ун.

Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хириял асх1абзабигун цадахъ къват1ире рахъине х1адурлъулел рук1адго, гьеб хабар цо мунафикъас Абусупяниде щвезабуна, Абусупяница жиндир вач1унеб нух хисун, цогияб нухдасан ине г1амал гьабуна ва Маккаялде хехав чапар вит1ана жидерго хазина ц1унизе къват1ире рахъа абун.

Абужагьлица ах1и бан къурайшиял данде рак1арун, азарго чиясдасаги г1емерал г1адамал ругеб яргъид г1уц1араб къуватаб аскар данде гьабуна ва Мадинаялдехун ралагьун къват1ире рахъана. Абужагьалица жиндир боязда абуна: «Гьаб нухалъ нилъ Мух1аммадидаса къанани, т1ок1аб нилъее бергьенлъи бук1ине гьеч1о» – абун.

Т1адег1анав Аллагьас гьав малг1унасул раг1и х1акъги гьабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда лъана Абусупянил къапила жидехъан борч1араблъи ва къурайшиязул аскар Мадинаялдехун бач1унеб бук1инги. Гьаб хабар жиндир асх1абзабазда бицун аварагас ﷺ гьанжеги мушавара гьабидал, цо-цо асх1абзабаца абуна: «Кинниги нилъ Абусупянида хадур лъугьун лъик1 буго, гьал къурайшиялгун рагъизе нилъер х1ал г1оларо. Къапила кодобе щвани, г1емераб хазинаги щвани, нилъеца х1адурлъи гьабила ва цоги нухалъ къват1ире рахъина къурайшиязде рагъ гьабизе» – абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул гьурмада ццим бахъиналъул асар загьирлъараб мехалъ ансариязул цевехъан, жинда Аллагь разилъаяв Саг1до ибну Муг1азица абуна: «Я Бичасул авараг ﷺ! Валлагьи, мун х1акъаб диналдалъун вит1арасул ц1аралдалъун гьедулел руго ниж; дуца ралъдалъе жанире лъугьа абуниги, ниж мунгун цадахъ гьенире лъугьине руго. Нижги рачун мун къват1иве вахъа Аллагьасул ﷻ баракатгун цадахъ» – абун. Цинги авараг ﷺ ц1акъ воххана ва жинца асх1абзабаздехун абуна: «Нуж нухда рилълъа Аллагьасул ﷻ баракатгун цадахъ ва нужее роххелги буго. Х1акълъунго Аллагьас ﷻ дие къот1и гьабун буго к1иго къокъаялъул цояб дие щвезе бугин абун. Алагьасх1аги дун валагьун вугев г1адин вуго гьел къурайшиял ч1ва-ч1ван г1одоре рехулеб бак1алда» – абун.

Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагги, гьесда цадахъ лъабнусиялда анц1ила лъабго (яги ункъго) асх1абги къват1ире рахъун Бадруялде щведал, жидеда гьенире рач1ун ч1ун ратана къурайшиязул боял. Гьезул г1емерлъиги, яргъида г1уц1иги бихьараб мехалъ, жидер дагьлъиги ва заг1иплъиги бихьараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг къиилбаялде вуссана ва жинца кверал цере ккун Аллагьасде ﷻ гьарун дуг1а гьабизе лъугьана. Гьеб дуг1аялъулъ аварагас ﷺ абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! Дуца дие гьабураб къот1и т1убазабе. Гьаб гьит1инаб исламияб къокъа дуца гьалаг гьабуни, жидеца г1ибадат гьабулев чиго хут1иларо гьаб ракьалда т1ад» – абун. Гьедин Аллагьасде ﷻ х1елун дуг1а гьабулаго жинда т1ад бук1араб чухъа (плащ) г1одобе бортана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакарица гьеб чухъа аварагасул ﷺ гъажазул бет1ералда т1ад бана ва жив

гьесда нахъа ч1ана гьанжесалаги чухъа бортич1ого бук1ине. Хадуб аварагасда ﷺ гурх1ун Абубакар асх1абас абуна: «Я Бичасул авараг ﷺ, г1ела дуца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарараб жо. Аллагьас дуе гьабураб къот1и т1убазабизе буго» – абун. Гьаб къиса бицун Т1адег1анав Аллагьас хадуб бугеб аят рещт1инабуна.

إِذۡ تَسۡتَغِيثُونَ رَبَّكُمۡ فَٱسۡتَجَابَ لَكُمۡ أَنِّي
مُمِدُّكُم بِأَلۡفٖ مِّنَ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ مُرۡدِفِينَ ٩

**9. Нужеца рак1алде щвезабун бице нуж Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1елулел рук1араб г1уж:** мушриказдаса нуж бергьине Аллагьасде дуг1а гьабулел рук1араб. **Цинги Т1адег1анав Аллагьас нужее жаваб гьабуна: «Дица нужее квербакъи гьабизе бугин азарго малаикасдалъун, цоязда хадур цоял рит1ун, нужер х1ажалъи бихьун»-абун.**

Г1алимзабаца абуна: «Аллагьасул салам лъеяв Жабраил малаик щунусго малаикгун цадахъ боязул кваранаб рахъалда ч1ун рагъулел рук1ана. Микаил малаикги щунусго малаикгун цадахъ боязул квег1аб рахъалда ч1ун рагъулел рук1ана. Гьаб Бадруялъул рагъулъ гурони малаикзабаца рагъ гьабич1о бусурбабазда цадахъ. Цогидал гъазаватазулъ гьел малаикзаби рещт1унел рук1ана бусурбабазул рик1к1ен г1емер гьабизе г1оло.

وَمَا جَعَلَهُ ٱللَّهُ إِلَّا بُشۡرَىٰ وَلِتَطۡمَئِنَّ بِهِۦ
قُلُوبُكُمۡۚ وَمَا ٱلنَّصۡرُ إِلَّا مِنۡ عِندِ ٱللَّهِۚ إِنَّ
ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ١٠

**10. Т1адег1анав Аллагьас нужее кумекалъе малаикзаби рит1и гьабич1о нужее рохеллъун бук1ун гурони, нужер рак1алги г1одоре риччан рук1ине гурони. Ва амма рагъулъ бергьенлъи ва цоги щиб бугониги жоялъе квербакъи бук1унаро цох1о Аллагьасдалъун гурони.**

Гьадин бугелъул нуж нужерго къуваталда ва ярагъалда рак1ч1ун рук1инч1ого, Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ тавакал т1амун, гьесде божун ва х1елун рук1а. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь жиндир гуч бергьарав, жиндасан щибго жо бергьунарев вуго. Жиндир х1укму-тадбиралъулги ц1акъ г1акъилав, жинда жаниб маслах1ат бугеб жо гьабулев вуго.**

إِذۡ يُغَشِّيكُمُ ٱلنُّعَاسَ أَمَنَةٗ مِّنۡهُ وَيُنَزِّلُ
عَلَيۡكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءٗ لِّيُطَهِّرَكُم بِهِۦ
وَيُذۡهِبَ عَنكُمۡ رِجۡزَ ٱلشَّيۡطَٰنِ وَلِيَرۡبِطَ عَلَىٰ
قُلُوبِكُمۡ وَيُثَبِّتَ بِهِ ٱلۡأَقۡدَامَ ١١

**11. Нужеца жегиги рак1алде щвезабе, я гьал муъминзаби, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеде т1аде макьу бииччараб г1уж, нужее божилъун ва х1инкъи т1аса ине. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеде зодисан ц1ад базабун лъимги биччараб г1уж,**

**гьелдалъун нуж чороклъиялдаса рацӏцӏине ва нужедаса щайтӏаналъул вас-вас ва хӏинкъи ракӏалде реххи тӏаса инабизе. Нужер ракӏалги щула гьаризе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ квербакъиялда божи цӏикӏкӏун. Нуж рагъулъ хӏинкъичӏого рукӏине ва нужер хӏатӏал тамахаб салулъе тӏерхьинчӏого рукӏине.**

Бадроялда муъминзаби къечон, какие чуризе, черх чуризе лъим гьечӏого хутӏун рукӏана. Гьез какги балеб букӏана черх чури тӏад бугониги. Цинги щайтӏаналъ гьезул ракӏазулъе вас-вас реххизе къасд гьабуна: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кин нужее квербакъулеб нужее гьекъезе лъимги гьечӏеб мехалъ, черхцин чуричӏого нужеца какалги рараб мехалъ. Цингиги нужеца абулеб буго нуж Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рокьулел чагӏи ругин ва нужгун цадахъ гьесул расулги вугин абун»

Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъикӏаб ва гӏемераб цӏад базабуна. Гьез черхги чурана, цадахъ ругел лъим цӏолел ралъхъеналги цӏезаруна. Гьеб цӏадалъ ракь къвакӏизе гьабун, гьенир хьвадизеги бигьалъана. Гьелда хадуб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидеда тӏаде макьу биччана ва щибго хӏинкъи гьечӏого, рагъда ругеблъи кӏочон, гьел кьижун кколел рукӏана.

Жинда Аллагь разилъаяв Гӏалиасхӏабас бицана: «Бадруялда рагъулеб мехалъ цохӏо Микъдад абулев асхӏабасул гурони чу букӏинчӏо. Дида ниж кианлго кьижун кколел рихьана цохӏо Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хутӏизегӏан. Дида гьев цо гъветӏалда гъоркь чӏун как балев ва Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гьарун гӏодулев вихьана рогьинегӏан» – абун.

إِذۡ يُوحِي رَبُّكَ إِلَى ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ أَنِّي مَعَكُمۡ فَثَبِّتُواْ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْۚ سَأُلۡقِي فِي قُلُوبِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ ٱلرُّعۡبَ فَٱضۡرِبُواْ فَوۡقَ ٱلۡأَعۡنَاقِ وَٱضۡرِبُواْ مِنۡهُمۡ كُلَّ بَنَانٖ ١٢

**12. Бетӏергьан Аллагьас малаикзабазда вахӏю гьабураб гӏужги ракӏалде щвезабе Мухӏаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, **Дун нужгун цадахъ вугин** ва нужее квербакъулев вугин. **Нужеца муъминзабазе квербакъе гьел тущманасде данде чӏезе. Дица гьел капурзабазул рекӏелъе хӏинкъи реххизе буго.** Ва гьел рихха-хочун лъутизаризе руго. **Нужеца гьезул габуралда тӏад ва бетӏералда кьабе, гьезул кверазда кьабе.** Гьезул килщал къотӏе жидеда ярагъ кодоб ккквезе кӏолареб хӏалалъ, цинги гьел асир гьаризе ва чӏвазе бигьаяб букӏуна.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمۡ شَآقُّواْ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥۚ وَمَن يُشَاقِقِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَإِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ١٣

**13. Бадруялда мушриказда щвараб чӏвайги гӏазабги буго гьел Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ва гьесул расуласда хилиплъун рукӏиналъе гӏоло**

**ва гьезде данде рагъизе рахъун рук1инальги. Х1акълъунго Аллагьасде ﷻ ва гьесул расуласде ﷺ данде рахъарал г1адамазе Аллагьас ﷻ ц1акъ гучаб г1акъуба-г1азаб гьабула.**

ذَٰلِكُمْ فَذُوقُوهُ وَأَنَّ لِلْكَافِرِينَ عَذَابَ النَّارِ ١٤

**14. Гьаб буго нужее дунялалда бугеб г1азаб. Нужеца гьеб г1азаб ч1аме! Ахираталдаги капурзабазе абадияб жужах1алъул г1азаб бук1ине буго.**

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا لَقِيتُمُ الَّذِينَ كَفَرُوا زَحْفًا فَلَا تُوَلُّوهُمُ الْأَدْبَارَ ١٥

**15. Я гьал иман лъурал г1адамал! Капурзабазул боял нужеда данде рач1араб мехалъ: жал т1аде к1анц1ун ва г1емерал боял рак1арун, нуж гьезде мугъ кьун лъутуге.** Рихха-хочун инч1ого гьезда данде ч1а.

وَمَن يُوَلِّهِمْ يَوْمَئِذٍ دُبُرَهُ إِلَّا مُتَحَرِّفًا لِّقِتَالٍ أَوْ مُتَحَيِّزًا إِلَىٰ فِئَةٍ فَقَدْ بَاءَ بِغَضَبٍ مِّنَ اللَّهِ وَمَأْوَاهُ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ١٦

**16. Рагъда вук1адго тущманасде мугъ реххун лъутарав чи, цоги къокъаялде аск1ове векерун гурони, яги рагъуе х1илла гьабун бак1 хисун аравги гурони, гьев тущманасдаса лъутун арав чи жинда Аллагьасул ﷻ ццим бахъи щварав вуго. Ахираталда жив вуссунеб бак1ги жагьанама буго. Ц1акъ квешаб бак1 бугоха гьеб жагьанама жинда жаниве ккарав чиясе.**

فَلَمْ تَقْتُلُوهُمْ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ قَتَلَهُمْ ۚ وَمَا رَمَيْتَ إِذْ رَمَيْتَ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ رَمَىٰ ۚ وَلِيُبْلِيَ الْمُؤْمِنِينَ مِنْهُ بَلَاءً حَسَنًا ۚ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ١٧

**17. Гьел мушрикал нужеца ч1вач1о, киниги Аллагьас ﷻ ч1вана гьел,** нужер къуваталъ ва гьунаралъ ч1вач1о Бадруялда мушрикал, Аллагьасул ﷻ квербакъиялдалъун ч1вана, гьезул рек1елъе х1инкъи реххизабунги ч1вана. **Дуца капурзабаздехун цо хъат ц1ураб ракь рехараб мехалъ, гьеб ракь дуца рехараб бук1инч1о, Мух1аммад ﷺ!** Цо хъат ц1ураб ракь азарго чиясул бадиб щоларелъул. **Гьеб ракь рехаравги Аллагь ﷻ вуго,** гьес щвезабуна ракь щивав мушрикасул бадиб.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидасан бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо хъат ц1ураб ракь босун, гьеб мушриказдехун рехана: «Аллагьас ﷻ нужер гьурмал къабих1 гьареги»-ян абун. Гьеб ракь щивасул бадиб ва маг1арзул къалахъ щвана ва гьел мушрикал жидеца мугъ бан лъутизе журана» – абун.

**Т1адег1анав Аллагьас гьеб кинабго жо гьабуна** ва гьел г1емерал муг1жизаталги загьир гьаруна **муъминзабазул х1албихьизе берцинаб**

**х1албихьиялъ,** жидее бергьенлъи кьун, гъанимат кьун, ахираталда хазиналъун бук1унеб ажру-кириги кьун. Гьединго куфру-ширкги нахъе къазе, гьезул рак1алги х1инкъулеллъун гьаризе. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда кинабго жо раг1улев, кинабго пиша лъалев вуго.**

Ибнухат1ибица абуна: жидеда Аллагь гурх1аял г1емерал г1алимзабаз гьаб аяталдалъун далил бачана инсанасул кинабго г1амал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабизабиялдалъун бук1иналъе, лагъасул гьениб щибго асар гьеч1ин, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда гьабизбураб жо гьабулев вук1ин гуреб абун. Муъминзабаца мушрикал ч1вач1о абулеб буго Т1адег1анав Аллагьас, аварагас صَلَّىٰاللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ ракь реххич1инги абулеб буго: загьиралда гьаб к1иябго жо лъугьун бук1ингун цадахъ. Гьел г1алимзабаца абуна: Аллагьасдаса буго цо жо бижизаби ва гьеб т1убаялъе сабаб гьабиги. Лагъасе буго гьеб жо жиндир къуваталдалъун гьаби. Масала: нусалъ гьан къот1ула инсанас кодобеги босун гьаналда лъулъараб мехалъ, жибго нус жинда щибго жо гьабизе к1олеб гьеч1о. Гьеб буго алат ва сабаб.

Гьаб маг1на т1убанго бит1араб гьеч1о. Мух1канаб ва х1акъаб раг1и буго: кинабниги лъик1аб г1амалалъул бижи, бакки Аллагьасдаса буго, квешаб г1амал гьаби лагъасул пиша буго. Гьелъие далил буго Т1адег1анав Аллагьасул раг1и: «Дуда щвараб кинабго лъик1лъи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахьалъан буго. дуде щвараб кинабго квешлъи дурго напсалдалъун буго»–абураб.

Гьаб х1алалъ хал гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ракь рехиги, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мушрикал ч1вайги лъик1аб г1амал буго ва маг1наги бит1ун бич1ч1улеб буго. Ва амма: мушриказ гьабураб ширк ва квешаб г1амал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабураб буго абуни – гьеб маг1на цониги муъминчияс гьабизе бегьулареб маг1на буго. Гьелъие цоги далил буго: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие зулму гьабич1о, гьезул нафсаз гьабуна жидеего зулму»– абураб. Т1адег1анав Аллагь щибго жоялъ нахъч1валаро гьаб бак1алдаги «Гьел капурзабазул куфру дица гьабуна» – абизе, доб аяталда жаниб «Гьеб ракь дица рехана» – абизе нахъч1вач1ев г1адин. Гьаб масъала бич1ч1а нужеда!

ذَٰلِكُمْ وَأَنَّ ٱللَّهَ مُوهِنُ كَيْدِ ٱلْكَـٰفِرِينَ ١٨

**18. Гьаб Бадруялда ккараб рагъул хабар х1акъаб жо буго. Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца капурзабазул макру ва х1илла къезабулев, гьеб г1одобег1ан гьабулевги.**

إِن تَسْتَفْتِحُوا۟ فَقَدْ جَآءَكُمُ ٱلْفَتْحُ
وَإِن تَنتَهُوا۟ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ وَإِن تَعُودُوا۟
نَعُدْ وَلَن تُغْنِىَ عَنكُمْ فِئَتُكُمْ شَيْـًٔا وَلَوْ

**19.** Зугьрияс бицараб хабаралъулъ буго: «Бадруялда рагъ гьабизе х1адурлъараб мехалъ Абужагьалица абун бук1ана: «Я Бет1ергьан Аллагь Нижер щив вугониги

كَثُرَتْ وَأَنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ١٩

къабих1ав ва рах1му (гурх1ел) къот1арав дуца гьев гьалаг гьаве»–абун. Т1адег1анав Аллагьас аят рещт1инабун абулеб буго:

**Нужеца муъминзабаздаса бергьин ва нужее квербакъи т1алаб гьабулеб батани, я Маккаялъул капурзаби, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеб нужер т1алаб т1убазабуна.** Къабих1аб, рах1му т1аг1араб къавм гьалаг гьабуна. Гьеб къавмги нуж руго – абураб маг1на буго гьеб аяталъул. Гьаб раг1иги капурзаби х1акъир гьарун абулеб раг1и буго.

**Нужеца муъминзабаздехун гьабулеб рагъ тани,** Аллагьасдеги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул аварагасдеги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьабулеб тущманлъиги тани, **гьеб нужее гьаб дуниялалдаги доба ахираталдаги лъик1аб буго. Нуж жегиги рагъ гьабизе т1адруссани, дицаги муъминзабазе квербакъи гьабила ва нуж къезарила. Нужеца киг1ан г1емерал боял данде гьаруниги, нужее дуниялалдаго г1азаб гьабила ва гьеб гьукъизе нужеда к1оларо. Х1акъилъунго Т1адег1анав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир квербакъиялдалъун ва къуваталдалъун муъминзабигун цадахъ вуго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَطِيعُواْ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَلَا تَوَلَّوْاْ عَنْهُ وَأَنتُمْ تَسْمَعُونَ ٢٠

**20. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж т1адег1анав Аллагьасе ва гьесул расул Мух1аммадие** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **мут1иг1лъе. Нужеца гьев расуласдехун хилиплъи гьабуге ва нуж гьесдаса руссунге: Нужеда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **калам Къуръанги ц1алулеб раг1улеб бук1аго, аварагасул** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **ваг1за-насих1атги раг1улеб бук1аго.**

وَلَا تَكُونُواْ كَٱلَّذِينَ قَالُواْ سَمِعْنَا وَهُمْ لَا يَسْمَعُونَ ٢١

**21. Нуж рук1унге гьел мушриказда релъун, нижеда раг1анаян абулел, гьезда раг1унги гьеч1ого.** Жидер г1ундузда жо раг1аниги гьеб рек1елъе биччаларел.

Раг1иялдаса мурад бугелъул гьелъул пикру гьаби ва ваг1за боси.

۞ إِنَّ شَرَّ ٱلدَّوَآبِّ عِندَ ٱللَّهِ ٱلصُّمُّ ٱلْبُكْمُ ٱلَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ٢٢

**22. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аск1об жиб ракьалда хьвадулеб бищунго квешаб х1айван буго жинда щибго жо раг1улареб, щибго жо бицинеги лъалареб. Жидер г1акълу гьеч1ел ва лъик1аб, квешаб жо бат1а гьабизе лъаларел.**

Гьаб аяталда жаниб бицен гьабурал ва жидеда «бищунго квешаб

х1айван» абураал г1адамал руго Г1абдудар абулеб кьибилалъул г1адамал, Абужагьалгун цадахъ муъминзабазда рагъизе рач1ун рук1арал ва жидецаги абурал: «Ниж г1инкъал, беццал, мац1 лъаларел руго гьев Мух1аммадица бицунеб жоялъул х1акъалъулъ» – абун. Гьел г1адамал болъоназдасаги, гьабзаздасаги, х1амуздасаги ах1макъал ва хъубал руго: гьез жидее Аллагьас ﷻ кьурал алатал: берал, г1ундул, к1ал, х1алт1изарулел гьеч1елъул жидее мунпаг1ат бугеб жоялъе.

وَلَوْ عَلِمَ ٱللَّهُ فِيهِمْ خَيْرًا لَّأَسْمَعَهُمْ ۖ وَلَوْ أَسْمَعَهُمْ لَتَوَلَّوا۟ وَّهُم مُّعْرِضُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Аллагьасда ﷻ лъалеб бук1арабани гьел г1адамазулъ лъик1лъи бук1ин ва гьез иман лъезе бук1инги, Аллагьас ﷻ гьезда раг1инабилаан.**

Амма Аллагьасда ﷻ лъала гьеб къавм иман лъолареб бук1ин. **Аллагьас ﷻ гьезда раг1инабуниги гьел инкар ккун ч1езе рук1ана ва мугъ бан руссине рук1ана:** х1ал хъублъи гьабун, г1амал к1одолъи гьабун.

Гьаб аяталдалъун Аллагьас жинда свалат салам лъеяв аварагасул рак1 парахат гьабулеб буго ва гьесда лъазабулеб буго: «Аллагьасул ﷻ азалияб г1елмуялдаго иман лъолареллъун ругел г1адамаз дуда иман лъоларо ва дуца гьелдалъун рак1 къварид гьабуге» – абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱسْتَجِيبُوا۟ لِلَّهِ وَلِلرَّسُولِ إِذَا دَعَاكُمْ لِمَا يُحْيِيكُمْ ۖ وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ يَحُولُ بَيْنَ ٱلْمَرْءِ وَقَلْبِهِۦ وَأَنَّهُۥٓ إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе жаваб гьабе, жиндалъун нуж ч1аголъулеб лъик1аб жоялде ах1араб мехалъ.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас иман лъеялде ах1араб мехалъ нужеца гьесие жаваб гьабе иман лъеялдалъун, гьеб буго нужее бугеб абадияб ч1аголъи. Гьеб ч1аголъи жинца кьолеб жоги Аллагьасул ﷻ калам Къуръан буго, жинда жаниб кинабниги лъик1лъи бугеб

Ибнухат1ибица абуна: нуж Аллагьасул аварагас ﷺ жигьадалда ах1араб мехалъ гьесие жаваб гьабе. Гьеб жигьад буго нужее абадияб ч1аголъи щолеб жо. Ц1акъ квешаб хвел бук1уна тушманасдаса къун, гьесул амруялда гъоркъ ккарал г1адамазул: гьезул напс, дин ва ват1ан гьесул ихтиярадла ккараб мехалъ гьеб жо ч1аголъи бук1унаро.

**Ва нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Аллагь ﷻ вук1ин нужеда ва нужер рак1азде гьоркьов лъугьунев.** Нужер г1акълуялъул г1аксалда цо-цо жо гьабулев. Бадруялда нужеда мушрикал дагьаллъун рихьизаруна гьел г1емерал рук1ингун цадахъ, гьединго мушриказда нуж г1емераллъунги рихьизаруна.

Цо-цо тафсир гьабулел г1алимзабаца абуна Аллагь ﷻ капурчиясдаги иманалдаги гьоркьов ч1олин абун, ай гьесул рек1елъ иман лъугьинч1ого бук1ине. Гьаб маг1на бат1улаб маг1на буго, гьалда г1амал гьабизеги бегьуларо: гьеб маг1на бук1уна Аллагьас ﷻ капурчи гьукъула гьес иман лъеялдасан абураб. Гьелъул г1аксалда буго Аллагь ﷻ муъминчиясул рак1алда ва куфруялда гьоркьов лъугьуна абураб раг1и. Гьаб маг1на бит1ун бук1уна, Аллагьас ﷻ муъминчи ц1унулев вугелъул жиндие зарал бугеб жоялдаса. **Жегиги нужеда лъай муъминзаби, ахираталда кинабго халкъгун цадахъ нужги Аллагьасда ﷻ цере рахъинаризе рук1ин.** Х1исаб-мизаналъе ва жазаъ гьабизе.

وَٱتَّقُواْ فِتۡنَةٗ لَّا تُصِيبَنَّ ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ مِنكُمۡ خَآصَّةٗۖ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ٢٥

**25. Ва нужги х1инкъун рук1а Аллагьасул ﷻ питна ва г1азаб нужеде щвеялдаса. Гьеб г1азаб Аллагьас ﷻ цо къавмалде биччараб мехалъ цох1ого залимзабазда ва г1ассиял чаг1азда щун хут1улареб.**

Гьеб г1азаб киналго г1адамазда г1аммлъула. Залимзабазда гьеб щола жидер зулму ва г1асилъи сабаблъун. Зулму гьабич1езда г1азаб щола жидеца гьеб залимаб къавм зулмуялдаса нахъч1вач1огоян абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго:*«Г1адамазда цо жинца зулму гьабулев чи вихьараб мехалъ ва жидеца гьесул квералги кквеч1еб мехалъ, Аллагьас ﷻ гьел г1адамал г1аммаб г1азабалъ кквеялда х1инкъи буго»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Т1адег1анав Аллагьас муъминзабаде амру гьабулеб буго жидеда гьоркьор мункар гьабулел г1адамал тоге абун. Гьел г1адамал гьоркьор ругони Аллагьас ﷻ г1азаб рещт1инабула, цинги лъик1авги квешавги чиясда гьеб г1азаб г1амлъула» - абун.

**Ва нужедаги лъай гьев Аллагь ﷻ жинда г1ассилъарал г1адамазе г1акъуба-г1азаб гучав вук1ин**

وَٱذۡكُرُوٓاْ إِذۡ أَنتُمۡ قَلِيلٞ مُّسۡتَضۡعَفُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ تَخَافُونَ أَن يَتَخَطَّفَكُمُ ٱلنَّاسُ فَـَٔاوَىٰكُمۡ وَأَيَّدَكُم بِنَصۡرِهِۦ وَرَزَقَكُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ لَعَلَّكُمۡ تَشۡكُرُونَ ٢٦

**26. Нужеца рак1алде щвезабе нуж дагьал г1адамал рук1ун Маккаялде мушриказ къварид гьарулел рук1араб г1уж. Нуж х1инкъунги рук1арал гьел мушриказ нуж ч1ван т1аг1инарила абун. Цинги Аллагьас ﷻ нужее ц1унулеб бак1 гьабуна.**

Мадинаялда гьижра гьабун мушриказул зулмуялдаса хвасарлъана. **Хадуб Бадроялда нужее кверги бакъана мушриказул боял риххизарун, лъутизаризе. Ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гъанимат х1алал гьабуна, нужее х1алалаб бац1ц1адаб ризкъилъун бук1ине.** Цересел умматазе гьеб гъанимат х1арам гьабун бук1ана. Гьаб кинабго ниг1мат рак1алде щун **нужеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щукру гьабизе** ва гьесул расуласеги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ мут1иг1лъе.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَخُونُواْ ٱللَّهَ وَٱلرَّسُولَ وَتَخُونُوٓاْ أَمَٰنَٰتِكُمۡ وَأَنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٢٧

**27. Я гьал иман лъурал г1адамал, нужеца хиянат гьабуге Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласе** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ мушриказда ва ягьудазда муъминзабазул балъголъи бицун. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда т1ад гьабураб аманаталъеги хиянат гьабуге гьеб жо хиянат бук1ин ва гьелда т1ад бач1унеб г1акъубаги нужеда лъалеб бук1аго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хиянат гьаби буго гьесул паризаял жал т1урангут1и. Расуласе хиянат гьаби буго гьесул суннаталда нахъвилълъунгут1и. Аманаталъе хиянат гьаби буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерида божизарурал гьезда гьоркьор ругел умуразулъ хиянат гьаби – абун.

وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّمَآ أَمۡوَٰلُكُمۡ وَأَوۡلَٰدُكُمۡ فِتۡنَةٞ وَأَنَّ ٱللَّهَ عِندَهُۥٓ أَجۡرٌ عَظِيمٞ ٢٨

**28. Нужедаги лъай, я муъминзаби, нужеда кодоб бугеб боц1и-мал ва лъимал нужее бугеб питна буго.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужер х1албихьизе кьураб буго, киндай нужеца шарг1иял г1орхъаби ц1унула абун. Гьеб боц1и-малалъ ва лъимал-хъизаналъ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб г1ибадаталдаса нуж нахъч1валададай абун. **Ва амма Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об бугеб ажру-кири ц1акъ к1удияб буго** ва нужее гьеб лъик1 буго лъималаздаса ва боц1иялдаса.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِن تَتَّقُواْ ٱللَّهَ يَجۡعَل لَّكُمۡ فُرۡقَانٗا وَيُكَفِّرۡ عَنكُمۡ سَيِّـَٔاتِكُمۡ وَيَغۡفِرۡ لَكُمۡۗ وَٱللَّهُ ذُو ٱلۡفَضۡلِ ٱلۡعَظِيمِ ٢٩

**29. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1орхъаби хвезаризе ва гьесда г1ассилъизе х1инкъани, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьабила х1акъабги бат1улабги жо бат1а гьабизе лъалеб рек1ел нур, ва нуж хвасар гьарила кинабго къварилъиялдаса.**

Ва гьединго нужее гьидаяталъул (т1орит1елалъул) нур гьабила, гьеб нуралдалъун нуж шарг1ияб нухда хьвадулеб, нужер г1елму –лъай ц1ик1к1унеб, нужер керен г1ат1илъулеб. **Нужеца церехун гьарурал**

**мунагьалги чурила ва гьезул г1акъуба гьабич1ого т1аса лъугьун тела. Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир ц1обал г1ат1идав, ниг1матал г1емерав вуго.**

وَإِذْ يَمْكُرُ بِكَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِيُثْبِتُوكَ أَوْ يَقْتُلُوكَ أَوْ يُخْرِجُوكَ وَيَمْكُرُونَ وَيَمْكُرُ اللَّهُ وَاللَّهُ خَيْرُ الْمَاكِرِينَ ﴿٣٠﴾

**30. Маккаялъул мушриказ дуе макраби ургъулел рук1араблъи рак1алде щвезабе, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ:** «Дару надват» абулеб рокъоре рак1арун мушриказул церехъабаз **мун жанив т1амун ч1езавизе, яги мун ч1вазе х1укму гьабуна.**

Киналго кьибилазул г1олохъабаца цадахъго хвалчен кьабун, цонигиясдаса къисас босизе санаг1ат кколареб х1алалъ. **Яги мун Маккаялдаса къват1иве къот1изе х1укму гьабуна. Гьел мушриказ дуе макру ургъулеб бук1ана ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезиеги макру ургъулеб бук1ана: гьезул макру бат1ул гьабун ва гьезул амру къват1иб ч1вазабун. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъик1ав вуго жиндир х1укму т1убазе гьабизе ва мушриказул макру хвезабизе.**

Т1абарияс бицана: жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Къурайшазул ханзабазул цо къукъа данделъана «Дару надват» абулеб рокъор. Цинги гьезухье иблис бач1ана цо щайихасул сураталда. Жидеда гьев вихьараб мехалъ гьесда абуна: «Мун щив кколев»-абун. Дос жаваб гьабуна: «Дун цо г1арабиязул щайих вуго. Дида раг1ана нуж гьанир данделъун ругин абун ва дие бокьана нужехье вач1ине. Дидаса цо г1акълу-пикру щвезеги бегьила нужее» – абун. Цинги жидеца гьесие изну кьуна жалгун цадахъ г1одов ч1езе.

Цинги гьев щайихас абуна: «Гьав Мух1аммадие щиб жодай гьабила абун нужеца нужерго г1акълу бице» - абун. Цо къурайшияс абуна: «Гьев Мух1аммад нилъеца кварицаги вухьун гвендиниве рехизе вуго ва хвезег1ан гьенив тезе вуго» - абун. Гьаб хабар бицарабго шайихас абуна: «Гьеб жо г1акълу гьеч1о: гьев нужеда кодоса вахъизе бегьула гьесда нахърилълъарал г1адамаз»–абун. Цоги къурайшияс абуна: «Нилъеца гьев Маккаялдаса къват1иве къот1ун лъик1. Цинги нилълъ гьесул ишалдаса парахат хут1изе руго» – абун. Цингиги дов щайихас абуна: «Гьеб жоги г1акълу гьеч1о. Нужеда лъала гьасул мац1алъул пасих1лъи, гьесда хадур г1адамал лъугьунеблъиги. Цодагьабго мехалдаса г1емерал боялгун вач1ун гьес нуж Маккаялдаса къват1ире гьезе руго» – абун.

Цинги Абужагьалица абуна: «Бичасх1аги дица кьела нужее г1акълу, цоги гьелдасан лъик1аб г1акълу бук1ине гьеч1о» – абун. Щибха бугеб дур г1акълу абун къавмалъ гьикъидал, абужагьалица абуна: «Нилъеца

щибаб кьибилалдаса цо-цо сахав, къуватав г1олохъанчи т1асавищизе вуго ва гьезул щивав цоясухъе лебалаб хвалченги кьезе буго. Цинги гьел г1олохъабаз цох1о чияс г1адин цадахъго гьесда кьабизе буго. Гьесул би нилъеда гьоркьоб бикь-бикьун бук1ине. Цинги гьесул кьибил банугьашимиязда к1везе гьеч1о киналго къурайшиязда рагъ базе. Гьез дият босила ва нилъги гьесул къварилъиялдаса хвасарлъила» - абун. Иблис ц1акъ боххана гьаб г1акълуялдаса ва гьаб х1укмуги гьабун жал цоцаздаса рат1алъана. Цинги Жабраил малаик вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва гьесда бицана къурайшиязул хабар. Мун дур бусада кьижуге абунги абуна ва гьижра гьабун Мадинаялде ине изнуги кьуна. Мадинаялде щун хадуб гьаб аят рещт1ун, гьаб къисса рак1алде щвезабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жиндие гьабураб лъик1лъи-ниг1мат рехсон, гьесие жинца щукру гьабизе.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُنَا قَالُوا۟ قَدْ سَمِعْنَا لَوْ نَشَآءُ لَقُلْنَا مِثْلَ هَٰذَآ إِنْ هَٰذَآ إِلَّآ أَسَٰطِيرُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٣١﴾

**31. Дуца гьел мушриказе Къуръаналъул аятал ц1алараб мехалъ жидеца абулеб бук1ана: «Нижеда гьеб калам раг1ана. Нижее бокьани гьелдасанги лъик1аб жо ц1ализе к1ола нижеда, гьеб дуца ц1алулеб жо гьеч1о цересел умматазул гьерсал гурони»-абун.**

Гьеб жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам гьеч1о абун.

Гьаб буго ц1акъ к1удияб ч1ух1и ва г1орхъолъан араб г1амал к1одолъи. Жидеда к1олеб бук1арабани цох1о лах1заталъ нахъабахъич1ого ургъилаан гьез Къуръаналда релълъараб жо. Щиб жоялъ нахъч1ван ч1арал анц1го соналъ аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьел ах1улел ругеб мехалъ «рач1а нуж гьаб Къуръаналда релълъараб жоялдалъун» – абун. Гьаб г1амал к1одолъиялде т1адеги жидеца хадусеб аяталъ бицунеб ч1ух1араб раг1и абуна:

وَإِذْ قَالُوا۟ ٱللَّهُمَّ إِن كَانَ هَٰذَا هُوَ ٱلْحَقَّ مِنْ عِندِكَ فَأَمْطِرْ عَلَيْنَا حِجَارَةً مِّنَ ٱلسَّمَآءِ أَوِ ٱئْتِنَا بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٣٢﴾

**32. Гьел мушриказ абуна: «Я нижер Аллагь! Гьаб Мух1аммадица ц1алулеб Къуръан дур рахъалъан бугеб х1акъаб т1ехь батани, дуца нижеда т1ад зодисан ганч1азул ц1ад базабе.** Лут1ил къавмалде т1ад базабураб г1адаб. **Яги цоги ниж гьалаг гьарулеб г1азаб бачун вач1а мун нижеде т1аде» – абун.**

Гьаб раг1иги Къуръан махсароде гьабун абураб раг1и буго гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лаг1нат щварал мушриказ.

Жинда Аллагь разилъаяв Муг1авият асх1абасдаса бицана: Сабаъ абулеб улкаялъул цо чиясда Муг1авиятица абуна: «Дур къавм ц1акъ ах1макъаб бук1ун бугоха жидеца ханлъун ч1ужуг1адан гьаюраб»–

абун. Гьаб буго Сулайман аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ заманаялъ букlараб Сабаъ абулеб ракь ва гьезул хан Билкъисил хабар. Дов Сабаалъул чияс жаваб гьабуна: «Валлагьи, дур къавм дир къавмалдаса жегиги ахlмакъаб буго. Гьез Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна, жинца гьел хlакъаб исламияб диналде ахlараб мехалъ:
«Гьеб жо хlакъаб батани, нижеде тlаде ганчlал реххе» – абун. Ва жидеца абичlо: «Гьеб дуца бицунеб жо хlакъаб батани, нижги тlоритlе гьелда» – абун. Цинги Мугlавият вуцlцlун чlана. Аллагь разилъаги гьесда ва киналго асхlабзабазда.

**33. Тlадегlанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гlазаб гьабулев гьечlо мунги гьезда гьоркьов вукlаго.**

وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُعَذِّبَهُمْ وَأَنتَ فِيهِمْ ۚ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ مُعَذِّبَهُمْ وَهُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ﴿٣٣﴾

Гьаб буго гьезул къабихlаб рагlиялъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьолеб жаваб. Гьел мушрикал гучаб гlазаб жидее гьабизе хlакълъарал руго. Ва амма тlадегlанав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нух буго жинца умматалъе гlазаб гьабулареб жидеда гьоркьов аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вукlаго. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад аварагасул хlурмат гьабун гьабичlо гьел къурайшиязе жидер рижиго тlагlинабулеб гlазаб.

**Гьал мушриказда гьоркьор жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал рахчи гьарулел гlадамалги рукlадгоги гьабуларо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гlазаб.** Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасидаса бицана: мушриказ Кагlба рукъалда тlавап гьабулеб букlана «лаббайка ллагьумма лаббайк» абулаго (ниж дуе мутlигlал руго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ). Гьединго жидеца абулеб букlана «гъупранака» абун. (Дуца мунагьал чури бокьун буго). Гьеб буго мурад Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рагlиялъул: «Жидеца мунагьал рахчи тlалаб гьабулел гlадамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гlазаб гьабуларо» – абураб.

Гьал Къурайшиязе кlиго божилъи букlана жидер кьалбал ракъвалеб гlазаб тlаде биччангутlиялъе: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вукlана ва гьев тlасса ана. Мунагьал рахчи тlалаб гьаби буго кlиабилеб божилъи, гьеб тlасса унареб буго къиямасеб къо чlезегlан.

**34. Гьезие гlазаб гьабичlого букlине ккани щибго гlилла гьечlо, гьез масжидул хlарамалда (кагlбаялда) унел гlадамалги нахъчlвалел рукlаго.**

وَمَا لَهُمْ أَلَّا يُعَذِّبَهُمُ ٱللَّهُ وَهُمْ يَصُدُّونَ عَنِ ٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ وَمَا كَانُوٓا۟ أَوْلِيَآءَهُۥٓ ۚ إِنْ أَوْلِيَآؤُهُۥٓ إِلَّا ٱلْمُتَّقُونَ وَلَـٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٤﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва гьесул асхlабзаби Маккаялдаса гьижра

гьабун иналде ккезаруна. Жидеца гьижра гьабун хадуб анлъабилеб соналъ г1умра гьабизе рач1унел рук1арал Аллагьасул свалат салам лъеяв. авараг ва гьесул хириял асх1абзаби Маккаялде жанир лъугьине теч1ого нахъги руссинаруна.

**Гьел мушрикал Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **рокьулел авлияалги гьеч1о:** гьесде ширк гьабун хъанчие лагълъи гьабулел г1адамал кин рук1унел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гьудулзабилъун?. **Х1акълъунго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **авлияал руго гьесдаса х1инкъарал, гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабулел г1адамал. Гьел мушриказул г1емерисел жидеда гьаб х1укму лъаларел руго** ва жидеего бокьараб жо бицун к1алъалел руго.

Мушриказ абулеб бук1ана: ниж руго каг1ба рукъалъул милат (т1алаб) гьабулел г1адамал, нижеца бокьарав чи виччала каг1баялде аск1ове, бокьарав нахъги ч1вала– абун.

**35. Мушриказ каг1ба рукъалда сверун лъугьун гьабулеб жо бук1инч1о жидеца** к1алдир килщал къазарун **гьищт1ул макънал рачин гуреб ва хъат ч1ван гьаракь-хъуй гьаби гуреб.**

وَمَا كَانَ صَلَاتُهُمْ عِندَ ٱلْبَيْتِ إِلَّا
مُكَآءً وَتَصْدِيَةً فَذُوقُوا۟ ٱلْعَذَابَ
بِمَا كُنتُمْ تَكْفُرُونَ ٣٥

Гьаб г1амал гьез гьабулеб бук1ана муъминзабаца как балеб мехалъ гьезие квалквал гьабун.

Аллагь разиялъаяв Ибнуг1аббасица абуна: къурайшиязул мушриказ каг1ба рукъалда т1авап гьабулеб бук1ана толох1очго (т1ад рет1ел гьеч1ого) ва гьеб т1авап гьабулаго хъат кьабун гьещт1олелги рук1анаян абун.

Бадруялда гьезде щвараб г1азабалда ишара гьабун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **гьанже нужеца квешаб, жинца унтизе гьабулеб г1азаб ч1аме, нужеца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун бук1иналъе г1оло** ва гьесул аварагасеги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ муъминзабазеги г1акъуба-къварилъи гьабун бук1иналъе г1ологи-абун.

**36. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва гьесул диналда инкар ккурал г1адамаз жидер боц1и напакъаде кьолеб буго (харж гьабулеб буго) исламияб диналдаса г1адамал нахъч1вазе г1оло.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمْ
لِيَصُدُّوا۟ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ فَسَيُنفِقُونَهَا
ثُمَّ تَكُونُ عَلَيْهِمْ حَسْرَةً ثُمَّ يُغْلَبُونَ
وَٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِلَىٰ جَهَنَّمَ
يُحْشَرُونَ ٣٦

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде рагъ базе г1ологи. Т1абарияс абуна: Бадруялда рагъ лъугьун хадуб мушриказул

аскаразул нахъе хут1арал г1адамал Маккаялде рач1индал гьез къурайшиязда абуна: «Гьав Мух1аммадица нужее къварилъи гьабуна, нужер г1агарал г1адамал ва т1асарищарал церехъаби ч1вана. Нужеца боц1и-малалдалъун кумек гьабе нижее, нижеца рец1ел босизе нилъер ч1варал г1адамазухъ» – абун.

Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Гьез боц1и-мал харж гьабизеги буго ва хадур ц1акъ пащманлъизеги руго.** Жидер боц1иги г1адада ине буго ва жидеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин гьукъизе, гьелъул нур свинабизе к1везе гьеч1о. **Ахиралда гьел къезеги руго ва ахираталда гьаб капураб къавм Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ киналго рак1аризе руго жужах1алде жанире.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дунялалдаго рагъ гьабун къезарула ва ахариталда жужах1алде реххун г1азаб гьабула жинде данде ч1ч1араб къавмалъе.

**37. Т1адег1анав Аллагьас гьаб капураб къавм жужах1алде бак1арула: хъубаб, чорокаб жо бац1ц1адаб жоялдаса бат1а гьабизе.**

لِيَمِيزَ ٱللَّهُ ٱلۡخَبِيثَ مِنَ ٱلطَّيِّبِ وَيَجۡعَلَ
ٱلۡخَبِيثَ بَعۡضَهُۥ عَلَىٰ بَعۡضٖ فَيَرۡكُمَهُۥ
جَمِيعٗا فَيَجۡعَلَهُۥ فِي جَهَنَّمَۚ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ
ٱلۡخَٰسِرُونَ ٣٧

Куфруги-иманги, х1акъабги-бат1улабги жо бат1а гьабизе. Цоги маг1на гьабуна: Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъулел, гьесул амру т1убазабулел муъминзабиги, иман заг1ипал, жиделъ мунапикълъи бугел г1адамалги рат1а гьаризе абун,

**цинги жинца гьел хъубал, капурал г1адамал киналго данде гьарун цоцаде т1ат1ала лъун, цоцалъ къазе гьарун жужах1алъул ц1адаре реххизе. Гьаб къавм буго жидер ч1орого хут1и камилаб халкъ.** Дунялалъул боц1иги, сахлъиги, рух1ги ч1обого, г1адада добехун кьурал, ахираталда жужах1алде жаниреги ккарал. Лубаб абулеб тафсиралда абуна: Ух1удалда рагъ гьабизе рач1унеб мехалъ Абусупяница к1иазарго х1абашияв ккун вук1ана ижараде (мухь кьун) бусурбабазде данде рагъизеян абун.

Т1адег1анав Аллагьас гьаб куфру-ширкалъул халкъ тавбу гьабиялде ах1улеб буго ва гьеб зулму ва г1ассилъи теч1они гьелъул балагьги г1азабги жидее бук1унеблъи бицун абулеб буго:

**38. Дуца гьезда абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, жидеца гьеб куфру-ширк тани ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабиялдеги руссани, гьезул цебехун араб**

قُل لِّلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ إِن يَنتَهُواْ يُغۡفَرۡ
لَهُم مَّا قَدۡ سَلَفَ وَإِن يَعُودُواْ فَقَدۡ مَضَتۡ
سُنَّتُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٣٨

**мунагь-х1акъ т1аса лъугьун тола,** бусурбабаздехун гьабураб тущманлъиги, аварагасе ﷺ гьабураб къварилъиги гьелда данде жазаъ гьабич1ого тола. **Тавбу гьабич1ого гьел ц1идасан муъминзабазде данде рахъани ва жидерго г1асилъабиги гьаруни, гьединаб г1асияб халкъалъе дица гьабулеб г1азаб церехун арал умматазул къиссабаздаса нужеда лъалеб батизе ккола.**

Дица гьел гьалаг гьаруна, гьезул наслу-тухумго т1аг1инабун ва гьаб къавмалъеги гьадинабго г1азаб гьабизе дун нахъч1валеб щибго жо бук1унаро.

**39. Нужеца капурзабазда рагъ бай, я муъминзаби, гьаб ракьалда т1ад питна гьеч1ого бук1ине ва кинабго динги цох1о Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб, аслияб дин бук1ине.**

وَقَٰتِلُوهُمْ حَتَّىٰ لَا تَكُونَ فِتْنَةٌ وَيَكُونَ ٱلدِّينُ كُلُّهُۥ لِلَّهِ ۚ فَإِنِ ٱنتَهَوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ بِمَا يَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٣٩﴾

«Питна» абураб раг1иялъул маг1на буго ширк абураб. Гьаб аяталъе цоги маг1на гьабуна муъминзаби дин гьабизе гьукъулареб, гьел диналдаса руссинарулареб лъугьинег1ан нужеца куфру-ширкалда рагъ гьабе абун.

**Гьел купруялдаса руссани ва жидеца г1асилъаби тун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадатги гьабуни; х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь гьез гьабулеб г1амал жинда бихьулев ва лъалев вуго.**

Бусурбабазул давлатги г1уц1ун, исламияб динги ракьалда т1ад т1ибит1ун, Къуръан-х1адисалда рекъон х1укмуги гьабун г1адамал хьвадулеб заман буго ракьалдаса питна ва ширк т1аг1унеб заман. Гьеб мехалъ иман лъеч1ого цо къавм бугилан абун гьезул исламалъе зарал бук1унаро, ва гьелги берцинаб насих1аталдалъун ва г1елмиял х1ужабаздалъун исламалде ах1ула.

Т1адег1анав Аллагьас Къуръаналда жаниб абун буго: «дин босе абун х1ал-зулму гьабуларо»–абун. Гьаб раг1иялъул маг1на буго жиндир рак1алъ иман лъун гурони, зулмуялдалъун иман лъезабизе к1оларо абураб. Цо-цо жагьилал ц1аларал чаг1аз гьаб раг1иялъул маг1на т1убанго г1аксалда гьабулеб буго ва жидеца абулеб буго: щивав чиясе иман лъезеги, иман лъеч1ого вук1инеги ихтияр буго ва иман лъеч1ел г1адамазда даг1ват гьабизе ва рагъ гьабизе т1адаб гьеч1о абун. Гьаб буго ах1макъаб раг1и.

Т1адег1анав Аллагьас кинабго г1алам, г1адамал ва жундул жиндие лагълъи гьабизе рижун руго ва гьаб ракьалда т1ад Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат гьаби гуреб цоги дин бук1ине бегьуларинги абун буго. Гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялъе г1оло рахъун ч1ун, гьесул

дин ракьалда бук1инабиялъе г1оло къеркьей ва гьеб нухда жиндир маг1ишатги рух1ги кьей буго муъминчиясул бищунго т1адег1анаб налъи. Гьаб макъамалде вахунаро ц1акъ иман камилав, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ т1орит1ел ва тавпикъ жиндие бугев чи гурони.

Гьадин муъминзабаца гьел маликаб щинаб жоги кьун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин ракьалда т1ад бук1изабураб мехалъ, гьеб диналда гьеч1ел капурал г1адамал хвалченги босун ч1вазе т1адаб гьеч1о. Гьел г1адамал диналде ах1ула ва исламияб диналъе гьез зарал гьабулеб гьеч1еб мехалъ гьел жалго тола: я иман лъезег1ан, яги жизят кьезег1ан. Гьадин гьабуна жидеда Аллагь разилъаял асх1абзабаца ва гьезда хадур рук1арал лъик1ал г1адамазги: Исламияб халипа г1уц1ана, шарг1ияб х1укмуги билълъанхъизабуна ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде халкъги ах1ана.

Жакъа къоялда жанир цо бусурбаби исламияб давлат бук1ине рес бук1аго гьеб г1уц1ич1ого, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда хьвадизе рес бук1аго гьелда хьвадуларого, шарг1ияб х1укмуялда рук1ине рес бук1аго расмиял къанунazda нахърилълъун ч1ч1ун руго (г1адамаз ургъун рахъарал законал). Цоги бусурбаби куфру-ширкалъул зулмуялда гъоркье ккун, гьез ват1аналъул ихтияр кодосан бахъун, гьезул къанунaze мут1иг1 гьарун, лагъзадерил х1укмуялде ккун руго. Гьаб жидер х1алалъул пикру гьабулел, гьелдаса г1ибрат босулел г1адамалги дагь руго.

Бусурбабазул авалаб тайпаялда т1адаб буго жидер ват1аналда исламиял пачалихъал г1уц1изе, къанунлъун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръанги, аварагасул صَلَّىٰ ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннатги гьабизе ва гьеб нухалъ жалги хьвадизе. Гьадин хьвадараб мехалъ гьезда к1ола куфруялда гъоркь ругел жидер диналъул вацал бусурбабазе кумек гьабизе, гьезда т1аса куфруялъул ханлъи инабизе ва гьел, г1адамазул лагълъиялдаса тархъун, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабиялде рачине.

Бусурбабазул к1иабилеб тайпаялдаги т1адаб буго киналго цоцалъги рекъон жидеда т1ад бугеб капурзабазул ханлъи т1аса реххиялъе ургъизе ва къеркьезе. Гьедин хьвадич1они киналго бусурбаби г1асилъиялъулъ рук1уна ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ г1азаб т1ад биччаялъе сабаблъунги рук1уна. Ахираталда бет1ергьан Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ццере ч1ч1езарун х1исаб-мизан гьабулеб мехалъ жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурх1изе х1ужаги бук1унаро.

Къуръан-х1адисалдаса жо бич1ч1улел ва амма гьеб бич1ч1араб жо бахчулел г1адамазе ц1акъго гучаб г1азаб бицун буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Вореха бусурбаби, гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ данде рахьине рак1алде ккоге, гьев гуккизе къасд гьабуге. Къокъабго заманалъул дунялалда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло дагьабго г1акъуба-зах1мат х1ехьезе бокьич1ого, гьеб х1ехьезе к1веч1ого, абадияб ахираталда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азабалъулъ

хут1изе бокьи ва гьеб х1ехьезе къасд гьаби ах1макълъи буго.
Аллагьас тавпикъ кьеги х1акъаб жо лъазе ва жиндир диналъе квер бакъулездаса гьареги.

وَإِن تَوَلَّوْاْ فَٱعْلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ مَوْلَىٰكُمْۚ
نِعْمَ ٱلْمَوْلَىٰ وَنِعْمَ ٱلنَّصِيرُ ﴿٤٠﴾

**40. Нагагь нужер ах1и гьез къабул гьабич1они ва жидерго куфру-ширкалда т1ад гьел ч1ч1ани, цинги нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Т1адег1анав Аллагь вук1ин нужее квербакъулев ва нужер умуразул тадбир гьабулев.** Нуж гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къот1иялда божа, квербакъизе ва бергьенлъи кьезе гьабураб ва гьел капурзабаз нужедехун гьабулеб тущманлъиялъул к1вар гьабуге. **Х1акълъунго Аллагь ц1акъ лъик1ав вали вуго ва ц1акъ лъик1ав кумекчиги вуго.** Гьес жинда валилъи (гьудуллъи рокьа-хинлъи) гьабурав чи г1адада хвезе толаро ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир кумекчилъун вугев кидаго къоларо.

۞وَٱعْلَمُوٓاْ أَنَّمَا غَنِمْتُم مِّن شَيْءٍ فَأَنَّ لِلَّهِ
خُمُسَهُۥ وَلِلرَّسُولِ وَلِذِي ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْيَتَٰمَىٰ
وَٱلْمَسَٰكِينِ وَٱبْنِ ٱلسَّبِيلِ إِن كُنتُمْ
ءَامَنتُم بِٱللَّهِ وَمَآ أَنزَلْنَا عَلَىٰ عَبْدِنَا يَوْمَ
ٱلْفُرْقَانِ يَوْمَ ٱلْتَقَى ٱلْجَمْعَانِۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ
كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤١﴾

**41. Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущбабазда рагъ бан нужее щвараб гьанимат (давла) бикьула щуго бут1аялде. Гьелъул цо бут1а буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласул ихтияралда бугеб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб бут1аялдаса кьола жиндир г1агарал чаг1азе.** Банугьашим ва банумут1алибил иман лъурал г1адамазе. **Ятимзабазе, мискинал г1адамазе ва сапаралда ругел г1адамазеги.**
Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьеч1еб мехалъ гьаб хумусалъул (щуго бут1а гьабун цо буут1а) г1адлу гьабула гъазават гьабулеб къавмалъул имамас. Щуго бут1а гьабун цо бут1а т1аса босун хут1араб ункъго бут1а бикьула жидеца гъазават гьабурал мужагьидазда гьоркьоб.
Нужеда лъай гьаб х1укму бук1ин гьеб гьаниматалъул масъалаялъулъ, **нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал ратани, гьединго иманалда ва куфруялда гьоркьоб бат1алъи гьабураб Бадруялда рагъ бугеб къоялъ дица дир лагъасда-Мух1аммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, рещт1инабураб жоялда иман лъуралги ратани. Бусурбабазулги капурзабазулги к1иго къокъа данделъараб къоялъ.**
Г1емерисел г1алимзабаз абуна: гьаб бук1ана рамазан моц1алъул анц1ила анкьабилеб къо, рузман къоги бук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагсда рещт1араб жоги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ квербакъи

бук1ана ва к1удиял муг1жизаталги рук1ана: малаикзаби рещт1ана, макьу щвезабуна, мушрикал дагьаллъун рихьизаруна. Зодисан ц1ад базе гьабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагс хъат ц1ураб ракь реххун киналго мушриказул бадиб ва маг1арзухъ гьеб ракь щвана, цинги гьелги х1инкъун, лъутун ана. **Х1акълъунго т1адег1анав Аллагь вуго жиндир х1алк1олъи кинабго жоялда г1амлъарав.** Гьеб х1алк1олъиялдаса буго дагьал муъминзаби г1емерал мушриказдаса бергьинариги.

**42. Гьаб рагъул хабар бук1ана нуж Бадруялъул к1к1алалъул Мадинаялда г1агарда бугеб рахъалда рук1адго, нужер тущбаби рик1к1ад бугеб рахъалдаги рук1ун. Нужее жиб щвезе бокьун бук1араб** Абусупянил **къапилаги ралъдал раг1алдасахун, гъоркьияб рахъалдаса ана. Гьаб рагъ гьабизе нужецаги мушриказги цебеккунго къот1и гьабун бук1арабани, нуж къот1уе хилиплъизе рук1ана.**

إِذْ أَنتُم بِالْعُدْوَةِ الدُّنْيَا وَهُم بِالْعُدْوَةِ
الْقُصْوَىٰ وَالرَّكْبُ أَسْفَلَ مِنكُمْ وَلَوْ
تَوَاعَدتُّمْ لَاخْتَلَفْتُمْ فِي الْمِيعَادِ وَلَٰكِن
لِّيَقْضِيَ اللَّهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا لِّيَهْلِكَ
مَنْ هَلَكَ عَن بَيِّنَةٍ وَيَحْيَىٰ مَنْ حَيَّ
عَن بَيِّنَةٍ وَإِنَّ اللَّهَ لَسَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٤٢﴾

Т1адег1анав Аллагьас жиндир х1икматалдалъун к1иго къокъа дандч1вазабуна. **Жиндир азалияб г1елмуялъулъ бугеб х1укму т1убазабизе:** Исламияб динги бусурбабиги т1адег1ан гьаризе, к1одо гьаризе, ширк ва гьеб ширк гьабулеб агьлу г1одобег1ан гьабизе. Гьаб амру гьадин ккей х1акъаб иш бук1уна.

Абусуг1удица абуна: муъминзабазда лъазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее кьураб бергьенлъи гьесул карамат бук1ин (г1адатияб гуреб иш) ва жидее гъанимат х1алал гьабун, гьеб щвеялдалъун гьезул напсалги г1одоре риччазе, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щукру гьабиги г1емерлъизе.

Гьединго гьаб рагъ ккеялдаса Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьараб жо бук1ана **т1убанго, далил-х1ужа ч1ун, капурзаби гьалаглъиялда ругеблъи лъазе ва муъминзаби х1акъаб нухда ругеблъиги лъазе.** Бадруялда муъминзаби жидее квербакъун бергьинаруна. Куфру-ширкалъул агьлу х1инкъизарун къезаруна. **Х1акълъунго Аллагь кинабго жо раг1улев ва лъалев вуго.**

**43. Дуца рак1алде щвезабе Мух1ммад,** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цогиги ниг1мат: **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **дуда макьилъ бихьизабуна мушриказул боял дагьал ругел г1адин** ва дуца асх1абзабазда гьеб макьу бициндал, гьезул

إِذْ يُرِيكَهُمُ اللَّهُ فِي مَنَامِكَ قَلِيلًا وَلَوْ
أَرَاكَهُمْ كَثِيرًا لَّفَشِلْتُمْ
وَلَتَنَازَعْتُمْ فِي الْأَمْرِ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ سَلَّمَ
إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٤٣﴾

рагъизе къасд ц1ик1к1ана. **Гьел г1емерлъун дуда рихьизарун рук1аралани,** гьеб макъу асх1абзабаздаги бицараб мехалъ, **нуж х1инкъизе рук1ана гьезулгун рагъ байбихьизе, нужер цоцаздехун хилиплъиги ккелаан,** цояз рагъ гьабун лъик1 абун, цояз гьабич1ого лъик1 абун. **Кинниги Аллагьас ﷻ нуж ц1унана х1инкъиялдасаги цоцазде хилиплъиялдасаги. Х1акълъунго нужер рак1азда жаниб бугеб жоги лъалев вуго т1адег1анав Аллагь.**

وَإِذۡ يُرِيكُمُوهُمۡ إِذِ ٱلۡتَقَيۡتُمۡ فِيٓ أَعۡيُنِكُمۡ قَلِيلٗا وَيُقَلِّلُكُمۡ فِيٓ أَعۡيُنِهِمۡ لِيَقۡضِيَ ٱللَّهُ أَمۡرٗا كَانَ مَفۡعُولٗاۗ وَإِلَى ٱللَّهِ تُرۡجَعُ ٱلۡأُمُورُ ٤٤

**44. Цинги нужги мушрикалги рагъул майданалда данделъараб мехалъ, нужер беразда Аллагьас ﷻ мушрикал рихьизаруна гьел дагьал ругел г1адин,** гьезда рагъ гьабизе нуж х1инкъич1ого рук1ине. **Гьезул беразда нужги рихьизаруна жегиги дагьал ругел г1адин,** гьелги нужеда рагъизе жал бергьина абун рак1ч1ч1ун. Гьадин Аллагьас ﷻ к1иябго къокъа цоцалъ багъизабуна, **жиндир х1укму т1убазе г1оло:** исламияб дин т1адег1анаб гьаби, куфру-ширк къезаби. **Киналго умуразул руссин, гьезул авал-ахир Аллагьасул ﷻ ихтиаралда буго.**

Гьес жиндие бокьараб х1укму гьабула, цинги гьеб х1укму нахъч1валеб къуватги бук1уларо.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица жинда Аллагь разилъаяв Г1убадат ибну Самитидаса х1адис бицана: Г1убадатица абуна:

*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, цо гъазаваталда нижее ругеб мехалъ как бана варaниялда аск1ов вук1ун. Гьеб варани гъаниматалъул боц1удаса бук1ана. Как бан т1убараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас т1адеги вахъун варанидул рас ккуна жиндир к1иго килщида гьоркьоб ва жинца абуна: «Гьаб жо буго нужер гъаниматалъул боц1и. Дие гьаб боц1удаса гьеч1о хумусалдаса дие кколеб бут1а гурони. Гьеб хумусги нужедего буссинабула. Нужеца гъаниматалда гьоркьоб реххе рук1к1ен-квар бугониги, гьелдасан к1удияб бугониги, яги гьелдасаги гьит1инаб бугониги. (ай, щибго жо балъго тоге) ва нужеца гъаниматалдаса щибго жо бахчун рек1к1 гьабуге. Гьеб рек1к1 гьаби нич буго ва жидеца рек1к1 гьабулел г1адамазе дунялалдаги ахираталдаги ц1а буго.*

*Нужеца Аллагьасул диналъе г1оло жигьад гьабе нужеда г1агарда ругездаги, рик1к1ад ругездаги. Аллагьасул диналъе г1оло нуж рагъулеб мехалъ, г1адамаз ч1валеб г1айибалъул, гьез бицунеб хабаралъул щибго*

*к1вар гьабуге. Нужеца Аллагьасул х1адги т1убазабе рукъур ругониги, сапаралда ругониги. Нужеца Аллагьасул диналъе г1оло жигьадги гьабе, жигьад буго алжаназул рагьабаздаса ц1акъ к1удияб рагьу. Жигьадалдалъун Аллагьас нуж хвасар гьарула кинабниги пашманлъи-къварилъиялдаса»* – абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا لَقِيتُمۡ فِئَةٗ فَٱثۡبُتُواْ وَٱذۡكُرُواْ ٱللَّهَ كَثِيرٗا لَّعَلَّكُمۡ تُفۡلِحُونَ ٤٥

**45. Я гьал иман лъурал гIадамал! Капурзабазул цо къокъа данч1вараб мехалъ, нуж гьезда данде ч1ч1а х1инкъич1ого, нахъруссинч1ого. Гьезда рагъ гьабулеб мехалъги нужеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **г1емер рехсе,** гьесдаса рак1ги мац1ги гъапуллъизе тоге. **Гьеб буго нужер тущманасда т1ад кверщел батиялъе ва ахираталда алжаналда кверщел батиялъе сабаб.**

وَأَطِيعُواْ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَلَا تَنَٰزَعُواْ فَتَفۡشَلُواْ وَتَذۡهَبَ رِيحُكُمۡۖ وَٱصۡبِرُوٓاْۚ إِنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلصَّٰبِرِينَ ٤٦

**46. Нужер киналго ишазулъ ва раг1абазулъ нуж мут1иг1лъе т1адег1анав Аллагьасе ва гьесул расуласеги. Нуж цоцазде хилиплъуге цоцалъ къацандуге, гьедин къацандани нуж тущманасда данде ч1езеги х1инкъула, нужер къуват дагьлъун, гуч ун, рек1елъе х1инкъиги реххула. Рагъул зах1малъи х1ехьон сабруги гьабе. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жидеца сабру гьабулел г1адамалгун цадахъ вуго, гьезие квербакъулевлъун.**

وَلَا تَكُونُواْ كَٱلَّذِينَ خَرَجُواْ مِن دِيَٰرِهِم بَطَرٗا وَرِئَآءَ ٱلنَّاسِ وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِۚ وَٱللَّهُ بِمَا يَعۡمَلُونَ مُحِيطٞ ٤٧

**47. Нуж къурайшиязул мушриказда рельлъун рук1унге, жидер рукъзабахъан ч1ух1дае, г1адамазда рихьизе бокьун къват1ире рахъарал ва жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналдаса г1адамал нахъч1валел; гьел мушриказ гьабулеб пишаялда сверун лъугьарав вуго Т1адег1анав Аллагь.** Ахираталда гьезие х1акълъараб г1азабги гьабизе буго.

Г1адамаз реццизе бокьун рач1ун рук1ана гьел Бадруялда рагъ гьабизе. Абужагьалицаги абун бук1ана: «Бичасх1аги ниж нахъруссинаро Бадруялда щун гурони. Гьенир варанабиги хъун хамроги гьекъон гурони. Нижее куч1дул ах1ун ва кьурдун гъарабащаз рек1елгъейги гьабун гурони. Гьаб нижер хабарги киналго г1арабиязда раг1ила, цинги даимго нижедасан х1инкъунги рук1ина гьел г1арабал» – абун. Амма гьез хвалил лълъарал гьекъезе ккана ва коч1ол макъназул бак1алда

маг1ихъабазул гьаркьалги раг1ана.

وَإِذۡ زَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيۡطَٰنُ أَعۡمَٰلَهُمۡ وَقَالَ لَا غَالِبَ لَكُمُ ٱلۡيَوۡمَ مِنَ ٱلنَّاسِ وَإِنِّي جَارٞ لَّكُمۡۖ فَلَمَّا تَرَآءَتِ ٱلۡفِئَتَانِ نَكَصَ عَلَىٰ عَقِبَيۡهِ وَقَالَ إِنِّي بَرِيٓءٞ مِّنكُمۡ إِنِّيٓ أَرَىٰ مَا لَا تَرَوۡنَ إِنِّيٓ أَخَافُ ٱللَّهَۚ وَٱللَّهُ شَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ﴿٤٨﴾

**48. Мушриказе щайт1аналъ жидер г1амал берцин бихьизабиги рак1алде щвезабе, Мух1аммад ﷺ. Гьезда щайт1аналъ абуна: «Жакъа нужедаса бергьине к1олев чи вук1унаро. Мух1аммадги ﷺ гьесул асх1абзабиги нужедаса бергьунаро. Дун буго нужее кумекалъе х1адурун ч1ч1араб»-абун. Цинги бусурбабиги мушрикалги рагъизе дандч1вараб мехалъ щайт1ан нахъх1ат1ида лъутун ана ва жинца абуна: «Дун нужее кумек гьабизе къот1и гьабиялдаса нахъбуссана. Дида бихьана жеги нужеда бихьич1еб жо»-абун.**

Гьелда малаикзабазул боял рихьана муъминзабазе квербакъизе зодиса рещт1унел. Жинда Аллагь разилъаяв имам Маликица бицараб х1адисалда буго: «Бадруялъул къоялъ гурони Щайт1аналъе жиб г1одобег1анлъун ва х1акъирлъун бихьич1о, жиндаго щцим бахъараблъунги бихьич1о. Гьелда Жабраил малаик вихьана муъминзабазе квербакъи гьабизе рещт1унел малаикзабазул мухъал гьарулев»–абун.

**Дун Аллагьасдасан** ﷻ **х1инкъулаян** абуна гьеб щайт1аналъ, гьереси бицун. Гьеб тущманалда бич1ч1ана жиндир х1алк1олареблъи малаикзабазе макру гьабизе ва гьездаса бергьине. **Х1акълъунго Аллагь жиндир г1акъуба гучав вуго** гьаб щайт1аналъе ва гьелда нахърилълъаразе.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса бицана:

*«Бадруялъул къоялъ иблис бач1ана жиндир къокъагун ва байрахъгун цадахъ мушриказухъе Суракъат ибну Маликил сураталда ва жиб нужее квербакъиялъе бач1араб бугин, жакъа нуж бергьинеги ругин гаргадана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо хъат ц1ураб ракь реххун мушриказ лъутизе байбихьараб мехалъ иблисалъе Жабраил малаик вихьана жиндехун вач1унев. Иблисалъги лъутизе байбихьана хадур ах1долел мушрикалги тун: «Мун киве лъутулев, Суракъат, мун нижер божарав чи гьеч1ищ?» – абун. «Дида нужеда бихьич1еб жо бихьана» – ян абун иблис цебеса т1аг1ана».* Х1адис ибну Жаририца бицана.

إِذۡ يَقُولُ ٱلۡمُنَٰفِقُونَ وَٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ غَرَّ هَٰٓؤُلَآءِ دِينُهُمۡۗ وَمَن يَتَوَكَّلۡ عَلَى ٱللَّهِ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٞ ﴿٤٩﴾

**49. Жидер рек1елъ унти бугел (иман гьеч1ел) г1адамаз ва мунапикъаца абураб г1ужги рехсе нужеца: гьал г1адамал жидер диналъ гуккун ругоян абун.**

Жидее гьабизе к1олареб жо гьабизе лъугьун руго бусурбаби мушриказда рагъизе къват1ирги рахъун абураб маг1на буго гьеб раг1иялъул. Гьезие жаваб гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **«Гьал г1адамал руго Аллагьасда иман лъун гьесда тавакал т1амун ругел. Гьесда тавакал т1амун щив чи вугониги, гьезие квербакъулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, жиндир гуч бергьарав ва жиндир пиша х1акимияв.**

**50. Дуда бихьун бук1арабани, я гьав г1енеккарав чи, Бадруялда мушрикал хвезарулел рук1араб х1ал** – дуда ц1акъ зах1матаб х1ал бихьилаан. Гьезул рух1ал рахъулел рук1ана **малаикзабаца жидер гьурмалги, мугъалги кьабулаго ва гьездаги абулеб бук1ана «Нужеца ч1аме боркьараб жужах1алъул г1азаб» – абун.**

وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ يَتَوَفَّى ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ يَضْرِبُونَ وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَٰرَهُمْ وَذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْحَرِيقِ ﴿٥٠﴾

**51. Гьаб г1азаб буго нужее нужер куфруялъе ва г1асилъаби гьариялъе бугеб жазаъ. Х1акълъунго Аллагь цониги чиясе зулму гьабулевлъун гьеч1о.** Нужее гьабулеб жоги зулму гьеч1о, нуж жиндие мустах1икълъараб г1азаб буго.

ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيكُمْ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَيْسَ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿٥١﴾

**52. Гьал нужеде данде ругел капурзабазул хьвади ва г1амал пирг1авнил къавмалъул ва гьезда цере рук1аразулги г1амал буго. Гьел къавмаз гьереси гьаруна Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **аятал ва аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ**. Цинги т1адег1анав Аллагьас гьезие г1азабги гьабуна,** гьел гьалаг гьаруна **жидерго г1асилъи ва мунагь сабаблъун. Х1акълъунго Аллагь ц1акъ къуват бугев вуго. Жинда г1асилъаразе гучаб г1акъуба гьабулевги вуго.**

كَدَأْبِ ءَالِ فِرْعَوْنَ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ فَأَخَذَهُمُ ٱللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ قَوِىٌّ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٥٢﴾

**53. Гьел цересел умматазе гьабураб г1азаб ва гьалаг гьари Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вук1иналъе г1оло буго жинца умматалъе кьураб ниг1мат т1аса босуларев, гьеб умматалъ к1удияб мунагь гьабун гурони.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ لَمْ يَكُ مُغَيِّرًا نِّعْمَةً أَنْعَمَهَا عَلَىٰ قَوْمٍ حَتَّىٰ يُغَيِّرُوا۟ مَا بِأَنفُسِهِمْ ۙ وَأَنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٥٣﴾

Аллагьас жиндир ниг1матал балагьлъунги сверизаруларо гьеб къавмалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъейлъун бугеб к1удияб ниг1мат куфрулъун сверизабун гурони. Маккаялъул къурайшаз жидее бугеб бечелъиги, божилъиги, сахлъиги харж гьабун Мух1аммад аварагасде

ﷺ инкар ккуна, муъминзабазе къварилъиги гьабун, бит1араб диналдаса г1адамал нахъч1вана. Ва гьезда Бадруялда г1акъубаги г1азабги рещт1ана. **Х1акълъунго Аллагь жинда кинабго жо раг1улев ва кинабго жо лъалев вуго.**

كَدَأْبِ ءَالِ فِرْعَوْنَ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَـٰتِ رَبِّهِمْ فَأَهْلَكْنَـٰهُم بِذُنُوبِهِمْ وَأَغْرَقْنَآ ءَالَ فِرْعَوْنَ وَكُلٌّ كَانُوا۟ ظَـٰلِمِينَ ﴿٥٤﴾

**54. Пирг1авнил ва гьесдаги цере рук1арал умматазул капурал г1адамазда релълъун буго гьал капурзабазул нух ва г1амал: жидеца Аллагьасул авараг ﷺ гьереси гьавурал ва гьесие кьурал муг1жизаталги гьереси гьарурал. Дица гьел къавмал гьалаг гьаруна жидер мунагьал сабаблъун.**

Цоял т1упан т1ун гъанкъизаруна, цоял ракьалъ къулч1ана, цоязда ганч1азул ц1ад базабуна, цогидазда зодиса пири ва ц1ареч1ч1ана. **Пирг1авнил къавмги дица ралъдалъ гъанкъизабуна. Гьел киналго жидеда г1азаб щварал умматал рук1ана жидеца зулму гьабулел. Куфру-ширкалъул, г1асилъи-пасикълъиялъул агьлу.**

إِنَّ شَرَّ ٱلدَّوَآبِّ عِندَ ٱللَّهِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Х1акълъунго Аллагьас ракьалда т1ад рижарал, гьенир хьвадулел, бищунго квешал х1айванал руго жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал г1адамал. Гьел руго жидеца иман лъоларел,** куфруялда жанир т1ерхьарал г1адамал.

ٱلَّذِينَ عَـٰهَدتَّ مِنْهُمْ ثُمَّ يَنقُضُونَ عَهْدَهُمْ فِى كُلِّ مَرَّةٍ وَهُمْ لَا يَتَّقُونَ ﴿٥٦﴾

**56.** Гьаб аят рещт1инабуна бану Къурайзат абулеб ягьудиязул къавмалъулъ, жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къот1и гьабун бук1арал бусурбабазде данде рагъиларо абун, цинги жидеца гьеб къот1и хвезабурал.

**мушриказе квербакъи гьабиларо абун дуе къот1и гьабун рук1арал, цинги жидеца гьеб къот1и хвезабулел ва цогиги къот1аби хвезабулел, гьеб къабихl1аб г1амал гьабизе Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **жалги х1инкъуларел.**

Гьал бану къурайзат абулел ягьудияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе гьабураб къот1иги хвезабун Бадруялда рагъ бугеб мехалъ Маккаялъул мушриказе ярагъалдалъун кумек гьабуна. Жидеда гьеб иш бадибч1вай гьабун к1ал гьикъидалго, жал гъалат1лъун ругин, жидеда к1очон танин абун гьедарана ва ц1идасан къот1и гьабуна.

Цинги хандакъазул гъазават бугеб мехалъ гьаб къот1иги хвезабуна, жалги капурзабигун цадахъ лъугьана.

فَإِمَّا تَثْقَفَنَّهُمْ فِي الْحَرْبِ فَشَرِّدْ بِهِم مَّنْ خَلْفَهُمْ
لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُونَ ﴿٥٧﴾

**57. Рагъ гьабулаго гьел къот1и хвезабулел г1адамазда дур кверщел батани, Мух1аммад ﷺ, дуца гьезда гучаб кьаби щвезабе ва гьезие къуватаб г1азабги гьабе, гьезда хадур ругел х1инкъулеб х1алалъ.** Ва гьединаб х1алихьатаб жо гьабизе жидеда рак1алдаго ккolareб х1алалъ. **Гьел хиянатчаг1азда щвараб къо гьезие ваг1залъун бук1ина ва гьединаб жо гьабизе х1инкъила.**

وَإِمَّا تَخَافَنَّ مِن قَوْمٍ خِيَانَةً فَانبِذْ إِلَيْهِمْ
عَلَىٰ سَوَاءٍ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْخَائِنِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Дургун къот1иялда бугеб цо къавмалъ хиянат гьабиялда мун х1инкъараб мехалъ, дуца гьезулгун къот1и биххе, Мух1аммад ﷺ загьирго, гьезда лъазабун** дуца къот1и бихходаблъи ва мун гьездехун рагъ гьабизе х1адурун вук1инги. Гьездаги дудаги гьоркьоб къот1и бугебг1ан мехалъ дуца къот1и хвезабуге. **Х1акълъунго Аллагьасе рокьуларо жидеца къот1и хвезабулел г1адамал.** Жидер аманат гьеч1ел, жидеца раг1иги кколарел.

وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا سَبَقُوا ۚ إِنَّهُمْ
لَا يُعْجِزُونَ ﴿٥٩﴾

**59. Бадруялда рагъдаса нахъруссун арал мушриказда рак1алде ккоге абе жал Аллагьасухъа** جَلَّ جَلَالُهُ **рорч1ана абун.** Гьел дир ихтиярaлда гъоркь руго ва дида кодор руго. **Гьез дун г1ажиз гьавуларо дие бокьараб жо гьабизе.** Гьел гурезги ва кинабго махлукъаталъ г1ажиз гьавуларо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо гьабизе. Жиндир г1ажал ва къадар щвараб мехалъ т1убазабула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир х1укму.

وَأَعِدُّوا لَهُم مَّا اسْتَطَعْتُم مِّن قُوَّةٍ وَمِن
رِّبَاطِ الْخَيْلِ تُرْهِبُونَ بِهِ عَدُوَّ اللَّهِ
وَعَدُوَّكُمْ وَآخَرِينَ مِن دُونِهِمْ لَا تَعْلَمُونَهُمُ
اللَّهُ يَعْلَمُهُمْ ۚ وَمَا تُنفِقُوا مِن شَيْءٍ فِي سَبِيلِ
اللَّهِ يُوَفَّ إِلَيْكُمْ وَأَنتُمْ لَا تُظْلَمُونَ ﴿٦٠﴾

**60. Тушманасда данде рагъ гьабизе нужеца х1алк1вараб х1алалъ х1адурлъи гьабе:** ярагъ бук1а, г1адамал рук1а, рет1ел-квен бук1а ва цогидаб жинда х1ажалъи кколебщинаб жо х1адур гьабе. Рагъуе г1олохъаби куцай: загьираб къуваталъул рахъалъан ва рух1ияб къуваталъул рахъалъанги. **Гьединго рагъда рачунел чуялги х1адур гьаре:** жал куцун, хьихьун, кьили-т1енк х1адурун. Г1алимзабаца абуна: Гьаб масъала гьаб бак1алда рехсеялъе сабаб буго

Бадруялда рагъулеб мехалъ бусурбабазул х1адурлъи бук1унгут1и. Бусурбаби кант1изарулел руго х1адурлъиги гьеч1ого, бук1ине кколеб къадар ярагъги, къуватги, г1адамалги гьеч1ого бергьенлъи щвей кидалго бук1унареблъиялда. **Гьединаб х1адурлъиги гьабун нужеца Аллагьасул ﷻ ва нужер тущман х1инкъизавизе:** загьирал тущбаби капурзаби х1инкъизаризе. **Ва гьел гурел цогидал тущбабиги х1инкъизаризе:** мунапикъзаби х1инкъизаризе, нужеда гьоркьор ругел балъгоял тущбаби. **Гьел тущбаби руго нужеда жал лъаларел, ва амма Аллагьасда ﷻ лъала мунапикъзаби** ва гьезул рек1елъ ругел хиянатал къасдалги. **Аллагьасул ﷻ дин т1адег1ан гьабизе г1оло гъазават гьабизе нужеца кьураб напакъа буго Аллагьас ﷻ нужее гьелда данде т1убараб жазаъ гьабулеб ва щибго жо нукъсан гьабун Аллагьас ﷻ зулмуги гьабуларо.** Гьелъул г1аксалда г1емерго ц1ик1к1изабун ажру-кири гьабула.

Мух1аммад Г1али Сабунияс абуна: Т1адег1анав Аллагьас нилъеда амру гьабулеб буго Аллагьасул ﷻ тущбабигун рагъизе къуват х1адуре абун. Гьаб раг1иялъ щвей гьабула гьеб къуваталъул киналго рахъазда: рух1ияб (динияб) къуваталда ва загьираб къуваталдаги. Загьираб къуват бук1ине ккани чара гьеч1еб жо буго бусурбабазул ярагъ бук1ин жидецаго гьабураб, ярагъ гьабулел заводал рук1ин, гьеб яргъие къвариг1унебщинаб алат ва сурсат (боеприпасы) гьабулел заводал рук1инги.

Бусурбабазул тущбабазда лъала нилъер цониги ярагъ гьеч1еблъи жидехъан бичун босараб гурони. Гьеб ярагъги нилъее бичула заман лъугьараб, басралъараб. Гьеб ярагъ нилъее бичингун цадахъ жидеца х1адурун бук1уна гьелде дандле ч1олеб ва гьелдасан г1емерго лъик1аб ярагъ. Гьез нилъее ярагъги бичула бусурбаби цоцаде рагъизе ва гьезул къуват заг1ип гьабизе.

Капурзабазул гьеб мурад бусурбабаца т1убазеги гьабула: Аллагьасул ﷻ ва жидер тущман капурчиги живго тун, цоцазде данде рагъула ва цояс цоялги ч1вала. Бусурбабаца жидеда данде буссинабулеблъи лъалеб бугони капурзабаца гьезие цох1о патронги бичун кьоларо. Гьаб ярагъ бичун босиялда жаниб цогиги к1удияб зарал буго. Бусурбабаца жидер бечелъи кьолеб буго капурзабазе, гьезул къват1иб рехизе ва биххизе (утилизация) мех щвараб ярагъалъухъ.

Ракьалда т1ад исламияб дин бук1ине ккани бусурбаби хьвадизе ккола исламияб диналъул аслу Къуръаналъ ва х1адисалъ малъухъин. Гьел хьвадизе ккола кинабго г1аламалъул рах1матлъун ва муг1алимлъун вугев, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хьвадараб нухдасан,

гьесда хадур рук1арал жидеда Аллагь разилъаял асх1абзаби хьвадараб нухдасанги. Гьедин хьвадараб мехалъ т1адег1анав Аллагьас нилълъ капурзабазул лагъзаллъун рук1иналдасан хвасар гьарула ва къадру бугеб, нилълъ гьел капурзабаца к1одо гьарулеб, гьел нилъедасан х1инкъулеб ч1аголъи кьола.

Бусурбабазе х1акъирлъиги г1одорег1анлъиги г1ела цо хъат ч1валеб г1адаб ракьалда т1ад г1уц1араб жугьут1азул пачалихъалъ Палестинаялъул бусурбаби жидеего бокьа-бокьараб х1алалъ х1акъир гьарулел рук1ин ва гьел жугьут1азде данде рахъине исламиял пачалихъал х1инкъулел рук1ин. Жегиги бусурбабазе х1акъирлъи г1ела Америкаялъ бокьараб къоялъ бокьараб бак1алда т1аде бомбабазул ва ракетазул ц1ад базабулеб бук1ин ва гьеб жидеца гьабулеб иш бит1араб буго абизе исламиял пачалихъазул бут1рулги т1амулел рук1ин. Киналниги рагъалги бусурбабазул ракьазда т1ад руго, киналго квешал г1адамалги бусурбаби руго ва гьел бусурзабазде рагъ гьабулелги, гьел квешаллъун гьарулелги капурзабазул гьабилъун ругел, щайт1абазул гьудулзабилъунги ругел бусурзабазда гьоркьосан рахъарал мунапикъзаби руго.

Цох1ого Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарана абун, какал ран магьдина ц1алана абун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бусурбабазе бергьенлъи кьоларо, х1атта Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъин рещт1уна гьел г1адамазде. Бусурбаби тущманасдасан бергьине ккани, гьабизе кколеб сабаб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда малъун буго ва гьеб сабаб гьабун гурони исламияб дин ракьалда т1ад бук1унаро. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда амру гьабураб сабабги гьабун цинги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ таваккалги т1амун, гьесдасан квербакъиги т1алаб гьабун хьвадараб мехалъ, Аллагьас квербакъиялде хьул лъезе бегьула ва божизеги бегьула.

Бет1ергьан Аллагьасул х1икматалдалъун халкъалъул маслах1атал хурхинарун руго сабабазда. Бук1ине кколеб сабаб гьеч1ого цо жо лъугьин Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялда бугеб жо буго ва гьелда г1адат билълъараб гуреб жоян абула: карамат, муг1жизат абула. Масала, цо чи вакъун вугони, цинги гьев чи г1одовги ч1ун дун вакъун вуго абун жив г1одунилан гьев г1орц1уларо. Цо чи жив квачан вугони ва квачан вугилан зигардуниллан хинлъуларо. Гьав к1иявго чияс т1адеги рахъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бихьизабураб нухда ризкъи т1алаб гьабуни, гьазие ризкъиги щола, ц1ул-ц1а, рет1ел т1алаб гьабуни, гьебги щола. Гьанжеги гьев к1иявго чи я г1орц1уларо, яги хинлъуларо жидеца гьеб ризкъи кванан гурони ва ц1аги бакун гьелда аск1ов г1одов ч1ун гурони.

Аллагьас ﷻ лагъзадерил г1узру къабул гьабула ахираталда жинда цере заг1ипаллъун, пакъираллъун, г1одорег1аналлъун рахъун ч1езе гьарураб къоялъ. Аллагь ﷻ жиндир лагъзадерида ц1акъ гурх1улев, гьезие лъик1лъи бокьулевги вуго. Ва амма щибго г1амал гьабич1ев чиясул г1узру щиб бук1инеб? Кьижун вугев ворч1изе мех щун буго, ворч1ун вугев кант1изе мех щун буго, кант1арав х1алт1изеги мех щун буго. Аллагьасдаса ﷻ х1инкъа, я Аллагьасул лагъзал ва гьев разилъи т1алаб гьабун хьваде!

وَإِن جَنَحُوا۟ لِلسَّلْمِ فَٱجْنَحْ لَهَا وَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٦١﴾

**61. Нужер тущбабаца рекъел гьабиялда ва рагъ гьоркьоб къот1изабиялда къасд гьабуни, дуца гьеб маслих1ат босизе къасд гьабе,** гьелда жаниб бусрбабазе х1инкъи ва хиянат гьеч1еблъи лъараб мехалъ. **Дуца таваккалги т1аме Аллагьасда ﷻ, х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вугелъул нужеца бицунеб жо раг1улев ва нужеца гьабулеб жоги лъалев.**

وَإِن يُرِيدُوٓا۟ أَن يَخْدَعُوكَ فَإِنَّ حَسْبَكَ ٱللَّهُ ۚ هُوَ ٱلَّذِىٓ أَيَّدَكَ بِنَصْرِهِۦ وَبِٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٦٢﴾

**62. Гьеб рекъел-маслих1ат гьабиялдалъун тущбабазе бокьун бугони дуе хиянат гьабизе, х1акълъунго гьеб хиянаталдаса мун ц1унизе дуе Аллагь ﷻ г1езе вуго. Х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вуго жинца дуе квербакъи гьабурав: малаикзаби рещт1инарун ва дуда мут1иг1ал муъминзабаздалъунги,** Мадинаялъул ансараздалъун.

وَأَلَّفَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ ۚ لَوْ أَنفَقْتَ مَا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا مَّآ أَلَّفْتَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ أَلَّفَ بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّهُۥ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٦٣﴾

**63. Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца муъминзабазул рак1ал цоцаде рекъезе гьабурав.**

Цоцазде тущманлъиялда ва рагъазда рук1арал бат1и-бат1иял кьибил-тухумалъул ва къавмазул муъминзаби цоцазе вацаллъун лъугьана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ругел муг1жизатаздаса цо муг1жизат буго гьаб.

Къурт1убияс абуна: гьел г1арабиязул цояс цогидасда цо хъат кьабунин абун гьел цояз цоял ч1ван рагъулел рук1ана ва ц1акъ гучаб жагьилияб ах1макълъиялда рук1ана. Т1адег1анав Аллагьас гьезда гьоркьоб рекъел гьабуна иманалдалъун, гьезул тущманлъи рокьилъун сверизабуна, гьезул цоцаздаса рик1к1алъиги г1агарлъиялде бусизабуна. Аллагьасул ﷻ дин сабаблъун жидерго капурав вацги эменги ч1валеллъун лъугьана»-абун.

**Гьаб ракьалда т1ад бугеб кинабго бечелъи дуца кьуниги, дуда**

**гьел рекъезаризе к1везе бук1инч1о, Мух1аммад ﷺ. Кинниги Аллагьас ﷻ рекъезаруна гьезул рак1ал цоцазде.** Аллагь ﷻ вугелъул гьезул рак1азул бет1ергьан, жиндие бокьараб рахъалде гьел ц1азе к1олев. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ вуго жиндир гуч бергьарав хан ва г1адлу бит1арав х1аким.**

Жинда Аллагь разилъаяв Мужагьидидаса бицана: гьес абуна Аллагьасе ﷻ г1оло цоцазе вокьарав к1иго чи данделъараб мехалъ ва жидеца квер босун гьел цоцазе гьимараб мехалъ, гьезул мунагьал гъун (гьарщун) г1одоре уна, гьури пулеб къоялъ гъвет1алъул ракъварал т1анхал гъун унеб г1адин»–абун.

Г1убадат абулев чияс гьесда абуна: «Гьеб иш ц1акъ бигьаяб жо буго гурищ» – абун. Мужагьидица абуна: «Дуца гьеб раг1и абуге Г1убадат! Дуца Аллагьасул калам ц1аличIищ: «Ракьалда т1ад бугебщинаб бечелъи кьуниги, дуда гьезул рак1ал рекъезаризе к1оларо» – абураб. Г1убадатица абулеб буго: «дида лъана гьев Мужагьид дидасан ц1ик1к1un ва лъик1 пикъгьу (шариг1ат) лъалев, жинда жо бич1ч1улев вук1ин»- абун.

**64. Я гьав Бичасул авараг ﷺ! Т1адег1анав Аллагь г1езе вуго дуеги ва дуда нахърилълъарал муъминзабазеги жинца нужер тадбир гьабулевлъун, нужее цоги щивго чи х1ажат гьеч1о жинда божизе ва жиндаса квербакъи т1алаб гьабизе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ حَسۡبُكَ ٱللَّهُ وَمَنِ ٱتَّبَعَكَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٦٤

Х1асанул Басрияс гьаб аяталъул маг1на гьабуна: «Я Бичасул авараг ﷺ! Т1адег1анав Аллагь ва гьесда иман лъурал муъминзаби г1езе руго дуе» – абун.

**65. Я гьав Бичасул авараг ﷺ! Дуца муъминзабазул рак1 гьесизабе капурзабазда рагъ гьабизе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ حَرِّضِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ عَلَى ٱلۡقِتَالِۚ إِن يَكُن مِّنكُمۡ عِشۡرُونَ صَٰبِرُونَ يَغۡلِبُواْ مِاْئَتَيۡنِۚ وَإِن يَكُن مِّنكُم مِّاْئَةٞ يَغۡلِبُوٓاْ أَلۡفٗا مِّنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِأَنَّهُمۡ قَوۡمٞ لَّا يَفۡقَهُونَ ٦٥

Х1акълъунго Бичасул аварагас ﷺ гьезул рак1ал гьесизарулел рук1ана ва жинца абуна: «Нуж рахъа, я муъминзаби, зобал-ракьалг1ан г1ат1идаб алжан нужее щолеб гъазават гьабизе» – абун.

Цинги цо асх1аб цевег1ан къана, жинда Аллагь разилъаяв, жиндир хвалченалъул лъелги бекана, рухьбиги т1ут1ун рана ва хъатинир рук1арал чамастакал кваназе къасд гьабуна. Цинги гьел чамастакал кодосан г1одоре реххун гьес абуна: «Гьал кванан лъугьинег1ан ч1аго

хут1ани гьеб г1умруги халатаб буго» – абун. Цинги жив тущбабазда гьоркьове к1анц1ун вагъизе жувана ва гьеб бак1алда шагьидлъана.
**Нужер Аллагьасда ﷻ иман лъун рагъда сабру гьабулев къого чи вугони, гьел бергьине руго к1инусго тущманасда т1ад. Нужер нусгояв вугони азарго капурчиясдасаги бергьине руго. Гьеб къавм бугелъул жидеда щибго жо бич1ч1улареб ах1макъаб къавм.** Нуж ругелъул Аллагьасда ﷻ иман лъун, исламияб дин ракьалда бук1иналъе г1оло рагъулел мужагьидал.
Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Т1адег1анав Аллагьас муъминзабазда гурх1ун гьаб аяталъул х1укму насхо гьабуна ва к1иго чиясде данде цо чи вагъи паризаяб гьабуна. Ва амма гьаб аяталда жаниб бугеб роххел бицин: «Цо муъминчи анц1го капурчиясдаса бергьине вуго» абураб, гьаб роххел нахъе хут1араб буго ва чанги гъазават буго муъминзабазул дагьал аскараз капурзабазул рик1к1ен г1емерал боял къезарураб.

**66. Гьанже Аллагьас ﷻ нужее бигьалъи гьабулеб буго ва гьесда лъана нужеда гьоркьор цо-цо заг1ипал г1адамал рук1ин:** иман заг1ипал, черх заг1ипал. **Нужедаса нусго чи вугони Алллагьасе г1олон вагъулев ва гьениб щолеб къварилъиялде сабру гьабулев, гьел бергьине руго к1инусго чиясдаса. Нужедаса азарго сабру бугев мужагьид вугони, гьел к1иазарго капурчиясдаса бергьине руго, Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун ва кумекалдалъун. Х1акълъунго Аллагь ﷻ вуго жидеца сабру гьабулел г1адамалгун цадахъ** гьезие квербакъулевлъун, гьел ц1унулевлъун. Живгун цадахъ Аллагь ﷻ вугев чи вуго жив бергьунев.

ٱلْـَٔـٰنَ خَفَّفَ ٱللَّهُ عَنكُمْ وَعَلِمَ أَنَّ فِيكُمْ
ضَعْفًا ۚ فَإِن يَكُن مِّنكُم مِّا۟ئَةٌ صَابِرَةٌ يَغْلِبُوا۟
مِا۟ئَتَيْنِ ۚ وَإِن يَكُن مِّنكُمْ أَلْفٌ يَغْلِبُوٓا۟
أَلْفَيْنِ بِإِذْنِ ٱللَّهِ ۗ وَٱللَّهُ مَعَ ٱلصَّـٰبِرِينَ ﴿٦٦﴾

**67. Цониги аварагасда рекъараб гьеч1о жинца асирзаби кквезе цинги гьел нахъе кьун фидаъ** (выкуп) **босизе, жинца рагъги г1емер гьабун, капурзабиги х1инкъизарун, ракьалда т1ад дин бак1лъизабизег1ан ва капурзаби данде рагъизе к1оларедухъ ч1ван, лъукъун г1одор ккезаризег1ан. Нужее дунялалъул дагьабго маг1ишат бокьун буго гьеб фидаъ босун. Т1адег1анав Аллагьасе бокьун буго нужее лъик1аб ахират бук1ине:**

مَا كَانَ لِنَبِىٍّ أَن يَكُونَ لَهُۥٓ أَسْرَىٰ حَتَّىٰ
يُثْخِنَ فِى ٱلْأَرْضِ ۚ تُرِيدُونَ عَرَضَ ٱلدُّنْيَا
وَٱللَّهُ يُرِيدُ ٱلْـَٔاخِرَةَ ۗ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٦٧﴾

Аллагьасул ﷻ дин гуч гьабун, гьесул тущбаби ч1ван нуж хьвадизе, цинги нужее ахираталда абадияб алжан бук1ине. **Жиндир гуч бергьарав вуго Аллагь ﷻ ва жинца лагъзадерие гьарулел тадбиразулъ х1икмат бугев, гьезие маслах1ат бугеб жо гьабулев вуго.**

Гьаб цебе араб аят рещт1инабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас абуна: *Аллагьас ﷻ Бадруялда капурзаби х1инкъизарун лъутизаридал, гьезул лъабкъоялда анц1гояв ч1вадал ва гьедиг1анго асирги гьаридал, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас асх1абзабазда мушавара гьабуна гьел асирзабазе щиб гьабундай лъик1 абун.*

*Жинда Аллагь разилъаяв Абубакарица абуна: «Я Бичасул расул! Гьал руго нилъер г1агарал чаг1и, нилъер вацг1алзаби. Дида лъик1 бихьула гьазухъан пидят (выкуп) босизе ва гьел нахъе риччазе. Гьездаса босараб жо нилъее капурзабазде данде рагъизе къуват ц1ик1к1инабизе бук1ина. Гьалги Аллагьас ﷻ иманалда т1орит1ани нилъее квербакъулеллъун рук1ина» – абун.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуда щиб жо лъик1аблъун бихьулеб, я Хат1абил вас» – абун. Дица абуна: «Валлагьи, дида гьаб Абубакарил г1акълу лъик1аблъун бихьуларо. Дида лъик1 бихьула дица дир г1агарав чиясул бет1ер къот1изе, Г1али асх1абасеги изну кьезе Г1укъайлил бет1ер къот1изе (жиндир вацг1ал), Х1амзатиеги изну кьезе жиндир вацасул бет1ер къот1изе, (жинда Аллагь разилъаяв Г1аббас вуго гьев). Т1адег1анав Аллагьасда лъазе нилъер рак1азулъ гьеч1еблъи мушриказдехун рокьа-хинлъи ва гурх1ел. Гьал г1адамал руго капурзабазул бут1рул ва гьезул ханзаби» – абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе дир г1акълу бокьич1о, Абубакарил г1акълу бокьана ва асирзабазухъа фидят босана. Метерисеб къоялъ дун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе индал дида гьевги, жинда Аллагь разилъаяв Абубакарги к1иявго г1одулел ратана. Нуж г1одизе гьабураб жо щиб абун дица гьикъидал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «дун г1одулев вуго дир асх1абзабазда Бадроялъул асирзаби хвасар гьари лъик1 бихьун гьеб г1акълу босиялда. Х1акълъунго дида г1азаб бихьана нужеде рещт1ине хьин бук1араб гьаб гъвет1алдасанги нужеде г1агарда щун.»*- абун. (Х1адис дагьабго къокъ гьабун хьвана). Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**68. Жиб цебе ккараб Бет1ергьан Аллагьасул х1укму бук1инч1еб ани: (ижтигьад гьабун хат1алъарасе г1азаб**

لَّوْلَا كِتَٰبٌ مِّنَ ٱللَّهِ سَبَقَ لَمَسَّكُمْ فِيمَآ أَخَذْتُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿٦٨﴾

**гьабун гут1и).** Ижтигьад абула жинда х1ал к1вараб х1алалъ ях1 бахъун шарг1алда рекъараб х1укму гьабиялда. **Гьаб нужеца босараб фидаъ сабаблъун нужеда к1удияб г1азаб щвезе бук1ана.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв врагас ва асх1абзабаца мушавара гьабун, ижтигьад гьабун, пидят босун лъик1 абун х1укму гьабун хадуб решт1изе гьабураб бугелъул гьаб аят, гьезие г1акъуба гьабуларо ва мунагьлъунги хъваларо жидеца пидят боси.

فَكُلُوا مِمَّا غَنِمْتُمْ حَلَالًا طَيِّبًا وَاتَّقُوا اللَّهَ
إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٦٩﴾

**69. Нужеца х1алалаб, бац1адаблъун кванай, я гьал гъазават гьабулел г1адамал, рагъдаса нужее щвараб гъанимат.**

Гьеб нужер х1алт1ухъ щвараб мухь буго ва нужер х1алт1иги бищунго бац1адаб ва х1алалаб буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *дие ризкъи гьабун буго дир хечалъул раг1адалда гьоркь»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**Нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъа** гьесул амру-нагьюялда хилиплъизе. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго муъминзабазда ц1акъ гурх1улев, тавбо гьабуразул тавбо къабул гьабун гьезул мунагьал чурулев.**

يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ قُل لِّمَن فِي أَيْدِيكُم مِّنَ
الْأَسْرَىٰ إِن يَعْلَمِ اللَّهُ فِي قُلُوبِكُمْ خَيْرًا
يُؤْتِكُمْ خَيْرًا مِّمَّا أُخِذَ مِنكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ
وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٧٠﴾

**70. Я гьав Бичасул авараг! Нужеда кодор ругел асирзабазда абе: Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **лъалеб лъик1лъи нужер ракl азулъ батани, нуж иман лъеялъулъ рит1ухъал ратани ва нужер иман лъуна абураб раг1и бит1араб батани, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее кьезе буго нужехъан босараб фидаалдаса лъик1аб ва г1емераб боц1и. Нужер мунагьалги чуризе руго цере гьарун арал г1асилъабазул. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жив гурх1улев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

Байзавияс абуна: гьаб аят решт1инабуна жинда Аллагь разилъаяв Г1аббасил х1акъалъулъ, Бадруялда асирзабазда гьоркьов вук1арав. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Г1аббасида абуна дуца фидаъ кье дуда цебесан ва дур вацасул васалазда цебесанги: Г1укъайл ва Навпалида цебеса. Гьеб фидаъ кьун хадуб Г1аббасица абуна: «Я дир вацасул вас! Гьанже дуца дун танаха г1умруялъ Къурайшияздаса нечолевлъун»-абун (ай дир кинабго маг1ишат ана дуца, дунги мискин гьавуна).

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «кибе араб дур месед, мун къватIив вахъунеб мехалъ дуца Умулпазлихъ кьураб. Дуца гьелдаги абуна: «Дида лъаларо гьаб сапаралъ щиб дир кколебали. Дун тIад вуссинчIони гьеб месед дуеги дир хъизамалъеги буго»-абун. ГIаббасица абуна: «гьеб хабар кин дуда лъараб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «дида гьеб дир БетIергьан Аллагьас бицана»-абун.

Цинги ГIаббасица абуна: «Дуца бицараб жо битIараб буго абун нугIлъи гьабула дица, цо Аллагь ﷻ гурев цоги Аллагь ﷻ гьечIин ва мун гьесул расул вугин абунги нугIлъи гьабула. Валлагьи, щивниги чи вукIинчIо гьаб хабар лъалев, дица гьеб меседги Умулпазлихъ бецIаб сардилъ кьун букIана»-абун. Хадуб жинда Аллагь разилъаяв ГIаббасица абулаан: Аллагьас ﷻ дие кьуна дихъан аралдаса гIемерго лъикIаб жо: Дихъе зам-замалъул ихтияр кьуна, гьеб дие хирияб буго кинабго маккаялъул бечелъиялдаса. Дир хьулги буго Аллагьас ﷻ дир мунагьал чурила»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидасан бицараб халатаб хIадисалда жаниб буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе БахIрейналъул гIарац месед бачIараб мехъалъ, жинда Аллагь разилъаяв ГIаббасида аварагас ﷺ абуна гьенисан дуе бокьарабгIан къадар босе абун. Цинги ГIаббасица гьеб гIарац-меседалдаса жинда тIаде ретIун букIараб цо ретIел цIезабуна ва гьеб эхеде борхизе кIоларого хутIана. Гьес Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда: абуна цоясда амро гьабе гьаб эхеде борхун дир мугъалда лъеян абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «гьабиларо»-абун. ГIаббасица абуна: «Гьедин батани дуца лъе гьаб дир мугъалда тIад»-абун. цингиги аварагас ﷺ абуна: «лъеларо»-абун. ГIаббасица ратIлилъ букIараб гIарац-меседалдаса дагьаб къадар гIодобе бана ва жинда борхизе кIвараб жоги мугъалда лъун масжидалдаса къватIиве лъугьана. Гьев цевесса тIерхьинегIан хадув валагьун, гьесул боцIуда бугеб хьулалда гIажаиблъун аварагги ﷺ вукIана.

ЦIакъ берцинал къисаби гIемер руго къуръаналда жанир хириял асхIабзабазул бицарал. Гьениб щибго жо бахчун гьечIо ва балъго тун гьечIо. ГIагарав чиги, гIагарлъи гьечIев чиги цохIо даражаялда руго Аллагьасул ﷻ шаргIалда. Гьав ГIаббас жинда Аллагь разилъаяв Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул инсул вац вуго Къурайшияз нечезавун Бадроялда вагъизе вачIун вукIарав, жив асирлъун ккелалдего иман лъунги вукIарав.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул гIадло битIараб букIиналъе

г1аламатги буго иман лъун бук1ин лъаниги гьев Г1аббасидаса фидаъ боси: нилъеда данде вагъулев тущманас нилъехъ асирлъун ккун хадуб иман лъуни гьев чи ч1вазе бегьуларо, амма лагълъун хут1ула ва гъаниматалъул боц1игун цадахъ мужагьидазе кьола. Гьав Г1аббасил вас вуго гьаб Къуръаналъул тафсиралда ва таржамаялда жанив г1емер рехсолев Ибнуг1аббас: Къуръаналъе бищун цебе жинца тафсир гьабурав, аварагас ﷺ жиндие г1елму кье абун дуг1а гьабун умматалъул г1елмудул ралъад абун жинда ц1ар бугев.
Аллагьас ﷻ гьазул баракат ва шапаг1ат нилъееги щвезабеги. Амин.

وَإِن يُرِيدُواْ خِيَانَتَكَ فَقَدْ خَانُواْ ٱللَّهَ مِن قَبْلُ فَأَمْكَنَ مِنْهُمْ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٧١﴾

**71. Гьал асирзабазда гьоркьор дуе хиянат гьабизе бокьарал г1адамал ругони Мух1аммад ﷺ,** жидеца иман лъуна абун гьереси бицун: **гьел Аллагьасе ﷻ хиянат гьабурал руго гьалдасанги цере. Аллагьас ﷻ дур кверщел батизабуна гьезда ва гьел дур асираллъун ккезе гьаруна.** Гьанже хадубги гьез хиянат гьабуни Аллагьас ﷻ гьезул хиянат хвезабила. **Х1акълъунго Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо лъалев г1алим ва жиндир г1адло бит1арав х1аким.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَهَاجَرُواْ وَجَٰهَدُواْ بِأَمْوَٰلِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَٱلَّذِينَ ءَاوَواْ وَّنَصَرُوٓاْ أُوْلَٰٓئِكَ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ۚ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَلَمْ يُهَاجِرُواْ مَا لَكُم مِّن وَلَٰيَتِهِم مِّن شَيْءٍ حَتَّىٰ يُهَاجِرُواْ ۚ وَإِنِ ٱسْتَنصَرُوكُمْ فِي ٱلدِّينِ فَعَلَيْكُمُ ٱلنَّصْرُ إِلَّا عَلَىٰ قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُم مِّيثَٰقٌ ۗ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٧٢﴾

**72. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда ва аварагасда ﷺ иман лъурал г1адамал,** гьеб иман лъеялъулъ жал рит1ухъал, жидеца Аллагьасул ва аварагасул ﷺ амруги т1убалел. **Жидер ват1ан тун Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гьижраги гьабурал. Цинги жидеца Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьадги гьабурал гьезул чурхдуздалъун ва маг1ишаталдалъун.** Гьал сипатал руго мугьажиразул сипатал.
**Жидеца гьал мугьажирал жанир рачарал, гьезие жидер ват1аналда решт1ине ва г1умру гьабизе рес рекъезабурал, цинги жидеца аварагасе ﷺ кверги бакъарал.** Гьал сипатал руго ансаразул сипатал. **Гьаб к1ябго къокъа буго цо-цазул ирс босулел вализаби ва гьудулзаби.** Жидер диналда божилъи бугел г1адамалги руго. Цо-цазе квер бакъулел ва цо-цазе жидеца вацлъи гьабулел руго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас мугьажираздаги ансараздаги гьоркьоб

вацлъи гьабизабун букlана.

**Жидеца иман лъурал, амма жидеца гьижра гьабун гьечlел** ва жегиги Маккаялда ругел, **гьал гlадамаздаги нужедаги гьоркьоб гьудуллъи ва ирс гьечlо гьел гьижра гьабун Мадинаялда рачlизегlан.** Гьел купруялъул ракьалда чlун ругелъул гьезулги нужерги тlобараб гьудуллъи ва рокьа-хинлъи букlунаро. Нужедаги гьездаги гьоркьоб нух гьечlелъул.

Амма гьижра гьабизе бокьун ругел, киниги заглипал руклун гьижра гьабичlого хутlарал муъминзабазул хlукму цоги аяталда бицана: гьезие мунагь-хатlа гьечlо ва гьезда гlайбги чlваларо.

Ибнукасирица жидеца иман лъурал амма жидеца гьижра гьабичlел-абураб рагlиялъул тафсир гьабулаго абуна: гьел руго жидеца иман лъурал, амма жидерго ватlаналда, жидерго росабалъ чlарал гlадамал. Гьезие гъаниматалдаса бутlа гьечlо, муъминзабазул гьудуллъи-ваццлъиги гьечlо, гьел гьижра гьабун Мадинаялда рачlизегlан абун.

**Гьал иман лъурал гlадамаз нужедаса квербакъи тlалаб гьабуни жидер дин кlодо гьабизе, нужеда тlадаб буго гьезие кумек гьабизе.** Гьел нужер диналъул вацал ругелъул. **Ва амма нужергун рагъ гьабичlого букlине къотlи бугел гlадамазда дандрахъун квербакъи гьабиларо дол муъминзабазе.** Къотlуе хилаплъи гьабиларо гьел капурзабаз къотlи хвезабун гьечlебгlан мехалъ. **Хlакълъунго Аллагь жинда бихьулев вуго нужеца гьабулеб жоялъул загьирги, батlинги.** Гьаб аяталда рехсараб ирс боси исламалъул авалалда букlана, хадуб ирсалъул хlукму бицун насхо гьабуна.

Ибнухатlибица абуна: къотlи тlубазаби, божилъи хвезабунгутlи, гьабураб дарам биххунгутlиги исламалъул бищун кlудияб асло буго. щибаб къотlиги, дарамги божилъиги кlиго къокъаялда гьоркьоб бугеб жо буго лъабабилевлъун Аллагьги ﷻ вугеб. Гьал къотlабазе хиянат гьабурав чи Аллагьасе ﷻ хиянат гьабурав вукlуна: жиндир Халикълъун вугев ва жиндир амруялъул Маликлъунги вугев.

Къуръаналда жанир цогиги гlемерал аятал руго гьаб къотlи ва божи тlубазе тlадаб букlиналъул бицунел. Гьаб къотlи тlубазаби тlадаб букlин киналго пачалихъазул, киналго миллатазул, щибаб кагътида хъван букlунеб бищунго кlвар цlикlараб къанун буго. Ва амма гьеб кагътидаго хутlун букlуна ва къотlи тlубазаби цlакъ надираб букlуна. Щивав чияс кlалалъ бицунеб жо гьесул рекlелъ гьечlеб буго ва бицараб жо кколев чиги гьечlо. Киналниги къотlабиги хlатlакь мерхьун, хlал бугес ханлъи гьабулеб заман буго гьаб.

Кинабго жо чlунтизабизе, бухlизе, пасад гьабизе рес бугел гlадамал

лъугьун руго х1акъаб жоялъул бет1ергьабилъун: гьез гьабураб жо нахъч1вазе к1олев чи гьеч1елъул. Ва амма муъминзабазул валиги, квер бакъулевги, тадбир гьабулевги жиндир гуч бергьарав, къадро к1удияв, жив цогояв Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго. Киг1анго зулму-пасалъи ракьалда т1ад ц1ик1к1аниги, ахир-къадги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир амру т1убазабула ва зулму чаг1аздаса рец1ел босула.

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بَعۡضُهُمۡ أَوۡلِيَآءُ بَعۡضٍۚ إِلَّا تَفۡعَلُوهُ تَكُن فِتۡنَةٞ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَفَسَادٞ كَبِيرٞ ٧٣

**73. Киналго капурал г1адамал цо-цазул вализаби руго.**
Гьудулзаби руго, цо-цазе квер бакъулелги руго. Гьел капурзаби муъминзабаца гьудулзабилъун кквезе бегьуларо. **Гьаб цебехун рехсараб жо нужеца гьабич1они:** рагъуе х1адурлъи гьаби, ракьалда рагъул гуч бергьизабиги, мугьажиралги, ансаралги цо-цазул вализаби рук1ин. Квербакъи т1алаб гьабурал бусурбабазе квербакъи, къот1аби ва божилъи т1убазаби, капурзаби муъминзабаца гьудулзабилъун ккун гут1иги:
**Ракьалда т1ад питна бук1ине буго ва к1удияб пасалъиги бук1ине буго.** нуж капурзабаца щущах риххизарула, нужер ракьалги гьез рахъула, нужеда гьоркьоб щибго аманатги хут1уларо.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَهَاجَرُواْ وَجَٰهَدُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَٱلَّذِينَ ءَاوَواْ وَّنَصَرُوٓاْ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ حَقّٗاۚ لَّهُم مَّغۡفِرَةٞ وَرِزۡقٞ كَرِيمٞ ٧٤

**74. Жидеца иманги лъурал, гьижраги гьабурал, жидер чурхдуздалъун ва боц1и-малалдалъун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло жигьадги гьабурал, жидеца мугьажиразе ват1ан кьурал ва гьел жанир рачарал, аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ кверги бакъарал,- гьал г1адамал руго х1акъикъиял муъминзаби, жидер иманги камилал, их1санги т1убарал.**
Их1сан абула Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, ц1акъго напс къезабун хьвадиялда. **Гьезие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан буго жидер мунагьал рахчи ва алжаназул сахаватал ниг1матал.**

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنۢ بَعۡدُ وَهَاجَرُواْ وَجَٰهَدُواْ مَعَكُمۡ فَأُوْلَٰٓئِكَ مِنكُمۡۚ وَأُوْلُواْ ٱلۡأَرۡحَامِ بَعۡضُهُمۡ أَوۡلَىٰ بِبَعۡضٖ فِي كِتَٰبِ ٱللَّهِۚ إِنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمُۢ ٧٥

**75. Авалаб гьижра гьабун хадуб жидеца иманги лъурал ва гьижра гьабун Мадинаялда рач1арал, цинги нужгун цадахъ гъазаватги гьабурал: гьал муъминзабиги нужедаса руго** ва нужерги гьезулги х1укму цого буго ажро-кириялъулъ. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шарг1алда рекъон насабалъул рахъалъан г1агарал муъминзаби рекъарал**

**руго цо-цазул ирс босизе цогидал бусурбабаздаса. Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго кинабниги цебехун бук1арабги нахъехун бук1инесебги жо.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабураб кинабго х1укмуги жиндилъ х1икмат бугеб, лъик1лъи бугеб, маслах1ат бугеб буго.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун суратул Анфалалъе тафсир ва таржама хъван т1убана.

Т1адег1анав Аллагьас жив разилъиялъе сабаблъун ккезабеги ва ц1аларазе мунпаг1ат бугеблъунги гьабеги.

## 9. Сурату Тавбат

سُورَةُ التَّوْبَةِ

*Мадинаялда рещт1инабураб, жинда жаниб нусиялда къоло ич1го аят бугеб.*

*Къуръаналъул бищун ахиралда рещт1араб сурат бугин гьабан абуна цо г1алимас. Аллагьасул свалат лъеяв Мух1аммад авараг Табукалъул гъазаваталдаса вуссараб заман бук1ана гьеб, гьижрияб тарихалъул ич1абилеб сон. Гьеб бук1ана ц1акъ зах1матаб гъазават: сапарги рик1к1адаб бук1ана, бакъул бух1и ц1ик1к1араб роол моц1ги бук1ана. Пихъал рарщараб, рукъор ч1ун рах1ат босизе кколеб г1адаб заман бук1ана. Т1адег1анав Аллагьас гьеб гъазаваталдалъун муъминзабазул иманалъул х1албихьи гьабуна. Мунапикъзабиги рат1а гьаруна.*

*Гьаб сураталда жанирги шарг1иял ах1камал рицун руго цогидал Мадинаялъул суратазда рицарал г1адин. Аслияб х1алалъ к1иго х1укму баян гьабун буго: мушриказулгун ва китабиязулгун бусурбабаца кинаб бухьен ва г1амал гьабулеб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Румазулгун гъазават гьабиялда ах1араб мехалъ асх1абзабазул щиб х1ал бук1араб.*

*Мушрикалгун рук1арал къот1аби рихххиялъе г1илла буго чанго нухалъ гьез ягьудиялгун цадахъ рекъон аварагасда* ﷺ *ва асх1абзабазда рагъизе балъгоял х1укмаби гьари. Гьаб сураталъул авалалдасанго бай бихьун гьел мушриказда лъазабуна гьезулгун рук1арал къот1аби риххулел рук1ин, гьез гьанжеялдаса хадуб каг1ба рукъалда х1аж гьабизе бегьун гут1иги, мушриказулги муъминзабазулги цоцадехун кинабг1аги рокьа-хинлъи, гьудуллъи бук1ине бегьунгут1и. Бусурбабазе хиянатал гьарулел гьеч1они китабиял г1арабиялгун цадахъ рук1ине бегьиги бицана. Гьел китабияз къот1и хвезабун хиянат гьабураб мехалъ гьезда рагъ базе ккеялъулги бицана. Гьезул рак1азда жаниб бусурбабаздахун бугеб х1алхъублъи ва тушманлъи загьир гьабуна.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Румазулгун гъазават гьабизе къват1ире рахъинарулеб мехалъ бусурбабазул бук1араб х1ал баян гьабуна. Гьезул рокъор ч1езе бокьарал, гъазаваталда унелги заг1ип гьарун, гьел х1инкъулел харбал рицунел мунапикъзабазул х1ал бицана, гьезул исламалъе ва бусурбабазе бугеб заралги баян гьабуна. Гьезул нипакъалъул бат1и-бат1иял къаг1идаби рицана, муъминзабазда гьел лъазе ва гьездаса ц1унизе. Хирияб Къуръаналъ киналго гьезул*

*бальголъаби къватlир чlвазаруна ва муъминзабазе щибго щаклъи гьечlого гьел лъалеб хlалалъ баян гьаруна.*

*Цо-цо асхlабзабаца гьаб сураталда цlар лъун букlана: «Жинца къватlир чlвазарулеб»-абун, «гlазабалъул сурат»-абунги, гьалда жаниб гlемераб бицун бугелъул мунапикъазул сипатал ва гьезие букlинесеб гlазаб.*

*Гьаб сураталъул авалалда «бисмиллагь» хъвачlого теялъе сабабцин гьеб буго абуна. (гlазабалъул бицунеб сурат букlин). Жинда Аллагь разилъаяв Ибнугlаббасица абуна: дица Гlали асхlабасда гьикъана: суратул Барааталъул авалалда «Бисмиллагь» щиб жоялъегlоло хъвачlеб абун. Гlали асхlабас абуна: «Бисмиллагь» буго аман ва божилъи, гьаб сурат буго аман борхиялдалъун ва хвалченалдалъун рештlинабураб абун. Гьабго рагlи абуна Супян ибну Гlуяйнатицаги.*

*Цо-цо асхlабзабаца абуна гьаб суратги, гьалда цебе бугеб «суратул анфал»-ги цохlо сурат буго, «бисмиллагьги» гьелъие гlоло хъвачlо абун. Гьаб рагlи битlараб букlине рекъараб рагlи буго – абун.*

*Мунапикъазул цогиги хlилла макру букlана бусурбабазе зараралъе масжид бай ва гьелдехун гlадамал руссинаризе къасд гьаби. Гьаб хlилаги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ загьир гьабуна ва масжид Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тlалаб гьабун базе кколеблъи баян гьабуна.*

*Гьединго сураталда жаниб бицен гьабун буго муъминчиясул бищунго къиматаб сипат Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хlинкъи букlин, чlухlи-рецц гьабизе ва жидедаго ракl чlун рукlизе бегьун гутlи. Гьедин ругони щиб кколеблъи бихьизабуна Хlунайниялда гъазават бугеб мехалъ: гlемерал ругониги бусурбаби мурад тlубачlого нахъ руссана.*

*Рагъ хlарам гьабураб ункъго моцlалъул бицен буго. Аварагас ﷺ рагъда ахlараб мехалъ щибго жоялда балагьичlого, нахъбахъи гьабичlого гьесие жаваб кьезе тlадаб букlиналъул ва гъазаваталда инчlого хутlарал муъминзабаз тавбо гьабиялъул, гьеб тавбо къабул гьабиялъул бицун буго.*

بَرَآءَةٌ مِّنَ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦٓ إِلَى ٱلَّذِينَ عَٰهَدتُّم مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ۝١

**1. Тlадегlанав Аллагь ва гьесул расул ﷺ гьоркьов гьечlо, гьел къватlир рахъана, нужеца мушриказулгун гьарун рукlарал къотlабаздаса.**

Тафсиралъул гlалимзабаца абуна: мушриказ Аллагьасул свалат салам

лъеяв аварагасе гъарурал къот1аби хвезарун хиянат гъабидалго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабуна жиндир аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьезулгун ругел къот1аби риххе абун. Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1аб вит1ана х1еж гьабизе ун рук1арал муъминзабазда хадув гьаб сураталъул амру гьезда лъазабе абун. Гьеб бук1ана гьижраялъул ич1абилеб сон. Х1ажизабазул амирлъун вук1ана жинда Аллагь разилъаяв Абубакар. Жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1аб муъминзабазда цеве вахъана ва жинца гьезда лъазабунаункъго х1укму:

1)-Гьаб соналдаса хадуб каг1ба рукъалда аск1ов цониги мушрик къазе бегьуларо.

2)-Каг1ба рукъалда сверун т1ад рет1ел гьеч1ого т1авап гьабизе бегьуларо.

3)-Алжаналда жанир лъугьунаро Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расул Мух1аммадидаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иманлъун гьезда нахърилълъарал г1адамал гурони.

4)-Аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ къот1и бук1арал г1адамаз гьеб къот1и жиндир заман т1убазег1ан ц1уне. Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мушриказулгун рук1арал къот1абаздаса къват1ир рахъарал руго.

فَسِيحُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ أَرْبَعَةَ أَشْهُرٍ وَٱعْلَمُوٓا۟
أَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِى ٱللَّهِ وَأَنَّ ٱللَّهَ مُخْزِى
ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٢﴾

**2. Нуж ракьалда божи бугеллъун хьваде, я гьал мушрикал, ункъго моц1алъ.** Нижеца нужеда рагъ гьабиларо. Гьаб заман буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие кьураб жидеца пикру гьабизе ва тавбо гьабун исламияб диналде рач1ине.

**Нужеда жегиги лъан бук1а, я гьал мушрикал, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужеца г1ажиз гьавуларевлъи. Кир нуж ругониги гьесул г1азаб нужеде щвела.** Нужеца гьеб ширк те ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун г1иц1го гьесие гьабе г1ибадат. **Х1акълъунго Аллагь жинца капурзаби инжит гьарулев вуго.** Дунялалда асир гьарун, ч1ван инжит гьарула. Ахираталда жужах1алъул г1азабги гьабула.

وَأَذَٰنٌ مِّنَ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦٓ إِلَى ٱلنَّاسِ يَوْمَ ٱلْحَجِّ
ٱلْأَكْبَرِ أَنَّ ٱللَّهَ بَرِىٓءٌ مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ
وَرَسُولُهُۥ فَإِن تُبْتُمْ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ وَإِن
تَوَلَّيْتُمْ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِى ٱللَّهِ
وَبَشِّرِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٣﴾

**3. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан ва гьесул расуласул рахъалъанги халкъалде лъазабулеб буго к1удияб х1ажалъул къоялъ** (къурбан хъолеб къоялъ) **Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулги мушриказдаса т1убанго рат1алъарал, т1урал ругин абун.** гьезда гьоркьор

киналг1аги къот1абиги гьеч1о. **Нужеца тавбо гьабун, Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие г1ибадат бац1ад гьабуни, нужее лъик1 бук1ина гьеб ширкалда ва къосинлда ч1еялдаса. Нагагь тавбо гьабиялдаса нуж нахъч1ван ч1ани цинги нужеда лъайха Аллагьасухъа ﷻ нуж рорч1илареблъи** ва гьесул г1азаб нужеда щолеблъиги. **Дуца капурзабазда рохел бице Мух1аммад ﷺ, гьезие жинца ц1акъ унтизабулеб г1азаб бук1ине бугин абун.**
«Рохел бице» абиялдаса мурад бук1уна ц1акъго х1инкъи кьей ва гьел капурзаби х1акъир гьари. Къурбан къоялда к1удияб х1аж абун ц1ар теялъе г1илла буго г1умра гьабиялда гьит1инаб х1ажилан абулеб бук1ин.
Жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1абасдаса бицана:
*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дун «бараат» босун Маккаялда вит1улеб мехалъ дица абуна: Я расулаллагь! Дун мац1 пасих1ав гьеч1о ва г1адамазда цеве вахъун к1алъазе лъалевги гьеч1о абун. Аварагас ﷺ абуна: гьеб иш гьабич1ого рес гьеч1о я дунго ун я мун ун абун. Аварагасе ﷺ бокьун бук1ана жиндир бак1алда жиндир рукъалъул чи ине. Дица абуна: «гьедин батани дун ина»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Мун а, Аллагьас дур мац1ги бит1изабила (пасих1 гьабила) дур рак1ги х1акъаб жоялда т1обит1ила»*-абун. Х1адис ибну исх1акъица бицана.
Цинги жинда Аллагь разилъаяв Абубакрида хадув гъедал гьес гьикъана: «Мун амирлъуниш, вит1арав яги дир амруялда гъокь вук1инейиш, (маъмурлъун) вит1арав»-абун. Г1али асх1абас абуна: «Дун маъмурлъун вит1ана» абун. Цинги жидеца х1аж т1убан хадуб къурбан хъолеб къоялъ «мина» абулеб бак1алда кинабго халкъ ах1ун данде гьаруна ва гьезда цеве вахъун Г1али асх1абас «бараат»-алъул амру гьезда бицана.
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул баракаталдалъун Г1али асх1аб ц1акъ мац1 пасих1ав, г1елму-г1акъло гъваридав, раг1и бег1ерав инсан лъугьана. Г1емераб бег1ераб раг1и буго гьесда г1унт1изабураб, г1емерал шиг1рабиги руго. «Нагъжул балагъат» (пасих1алъиялъул нух) абураб т1ехьги буго гьесул цо-цо раг1аби ва шиг1раби данде гьарун г1уц1араб.

إِلَّا ٱلَّذِينَ عَٰهَدتُّم مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ثُمَّ لَمْ يَنقُصُوكُمْ شَيْـًٔا وَلَمْ يُظَٰهِرُوا۟ عَلَيْكُمْ أَحَدًا فَأَتِمُّوٓا۟ إِلَيْهِمْ عَهْدَهُمْ إِلَىٰ مُدَّتِهِمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُتَّقِينَ ٤

**4. Нужее къот1и гьабурал, гьелъие жидеца хиянатги гьабич1ел, нужеда данде рагъизе рач1унел цогидал капурзабазе кумекги гьабич1ел мушриказдаса къот1и биххарал гьеч1о бусурбаби. Гьезул къот1и нужеца т1убазабе ц1араб заман щвезег1ан ва**

гьезие къот1и биххун хиянат гьабуге. **Т1адег1анав Аллагьасе рокьула жидеца гьесдаса х1инкъун къот1и т1убалел г1адамал.** Т1адег1анав Аллагьас нилъ кант1изарулел руго къот1и т1убай такъваялъул (Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъи) г1аламат бук1иналда.
Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб «бараат» лъазабураб мехалъ кинанат абулеб кьибилалъул цо къокъаялъ гьабун бук1араб къот1иялъул ич1го моц1 заман хут1ун бук1ана ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб заман т1убазабуна абун.

فَإِذَا ٱنسَلَخَ ٱلْأَشْهُرُ ٱلْحُرُمُ فَٱقْتُلُوا۟
ٱلْمُشْرِكِينَ حَيْثُ وَجَدتُّمُوهُمْ وَخُذُوهُمْ
وَٱحْصُرُوهُمْ وَٱقْعُدُوا۟ لَهُمْ كُلَّ مَرْصَدٍ ۚ
فَإِن تَابُوا۟ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَوُا۟ ٱلزَّكَوٰةَ
فَخَلُّوا۟ سَبِيلَهُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥﴾

**5. Мушриказе заман ц1ан рагъ х1арамлъараб ункъго моц1 араб мехалъ.** (зул х1ижаялъул къого къо, цинги мух1арам, сафар, рабиг1ул аввал, рабиг1уссаниялъул анц1го къоги) **нужеца гьел ч1вай кир нужеда гьел ратаниги:** Макка х1арамалда ругониги, цогидаб х1алалаб бак1алда ругониги. Жагьилияб заманалъ рагъ х1арам гьабурал моц1азулъ ругониги, цоги заманаялъ ругониги. **Нужеца гьел асирлъун ккве, жидер хъулбузда жанир ч1ани, гьел хъулби** (крепость) **сверун ккун жанир ч1ч1езаре:** гьез аман гьарун мут1иг1лъизег1ан яги ракъун хвезег1ан. Гьез рагъ гьабизег1ан яги асирлъун рач1изег1ан. **Нужеца гьел хьвадулел киналго нухалги хъаравуллъиялда гъокь ч1езе гьаре,** гьенисан хьвадизе тоге. Сапаразда жал унел нухалги гьукъе. Рагъалдалъун бугониги, х1илаялдалъун бугониги гьезие зарал щолеб гьел къезарулеб ва х1акъир гьарулеб нух ц1ехе ва гьеб нух х1алт1изабе. **Цинги гьез ширкалдаса тавбо гьабуни, исламияб диналда рач1ун паризаяб какги бани, боц1удаса закатги кьуни,** цогидал исламалъул нухалги х1алт1изаруни, **нужеца гьезие зарал гьабуге.** Гьел нужедаго релъарал бусурбаби руго ва нуж киназего шарг1ияб х1укму цо буго. **Х1акълъунго Аллагь вуго жив ц1акъ гурх1улев, жинца мунагьал чурулев ва тавбо къабул гьабулев.**

Гьаб аяталда ц1ар лъун буго хвалчадул аят абун. Къуръаналда жаниб бищунго къвак1араб рагъул х1укму бицараб аят буго гьаб. Цо г1алимзабаца абуна гьаб аяталъул х1укму насхо гьабуна абун сурату Мух1аммадалда бугеб ункъабилеб аяталъ: «Нужеда капурзаби данде ч1вараб мехалъ нужеца гьезул габуралда кьабе. Рагъ гьабун ч1ван, гьел заг1ип гьарураб мехалъ ва гьел х1инкъизе гьарураб мехалъ гьезул асирзабиги щулагьарун ккве, гьел хвасар гьаризе бегьила фидаъ босун, яги бусурбабазухъ хисун кьезеги бегьила…» абун. Цоги Г1алимзабаца

абуна: гьаб аяталъул х1укму насхо гьабураб гьеч1о ва мушриказе бугеб жазаъ гьаб буго абун.

Муслимица ва Бухарияс бицараб х1адисалда буго:

*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна дида Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *амру гьабун буго дица г1адамазда рагъ гьабе абун жидеца «лаилагьа иллаллагьу Мух1аммадун расулуллагь» абизег1ан, паризаяб какги базег1ан, закатги кьезег1ан»*-абун.

Гьаб хирияб аят ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис аслолъунги гьабун рагъ гьабуна жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1абас закат кьоларел г1адамазда. Ибнуасламица абуна: «Ц1акъ жинда г1елму бич1арав вук1ун вуго Абубакар жинда Аллагь разилъаяв. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ закат кьоларев чиясул какги къабул гьабуларо»-абун.

Гьаб заманалъ г1емерал бусурбаби руго какги балел к1алги кколел ва амма закаталъул щибго к1вар гьабуларел. Паризаяб как бай Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ кьолеб налъиялда релълъун буго, паризаяб закат мискин-пакъиразе кьолеб налъи буго. гьаб к1иябго налъи Къуръаналда жаниб чанго бак1алда цадахъ рехсон буго. Гьелдасан бич1ула закат кьей ц1акъ к1вар бугеб масъала бук1ин. Закат абураб раг1иялъул маг1на рац1ц1алъи буго. Боц1удаса закат кьураб мехалъ гьелъ боц1и бац1ад гьабула, гьелда баракатги бук1ула. Закат кьолареб боц1и бет1ергьанчиясе х1арамлъиялда сверула, баракатги бук1унаро. Ахираталда г1азабги бук1ула.

وَإِنْ أَحَدٌ مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ٱسْتَجَارَكَ فَأَجِرْهُ حَتَّىٰ يَسْمَعَ كَلَٰمَ ٱللَّهِ ثُمَّ أَبْلِغْهُ مَأْمَنَهُۥ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَعْلَمُونَ ۝٦

**6. Мушриказул цо чияс дуда гьарани Мух1уммад, жив божуда те абун, дуца гьев чи божуда те, гьесие къварилъиги гьабуге, жинда Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам раг1изег1ан** ва гьес пикро гьабизе исламияб диналъул ва дуца жинда ах1улеб шарг1иял х1укмабазул.

Гьев иман лъун дуда нахъвилълъине бегьила. **Цинги гьев чияс иман лъеч1они, дуца гьев чи жидирго ват1аналда щвезаве ва гьесие щибго хиянат-х1илла гьабуге.** Гьаб амру гьадин бук1иналъе ва дуца гьев чиясе божилъи гьабизе т1адаб бук1иналъе сабаб буго: **Гьел мушрикал рук1ин жидеда щибго жо лъалареб, жагьилаб ва ах1макъаб къавм.** Жидеда Къуръанги, х1адисги раг1ани, гьелъул пикруги гьабуни, гьезда жо бич1ияллда хьул буго.

Гьаб аяталдаса бич1изе т1адаб жо буго: исламияб дин капурзаби ва мушрикал гьезда хадур лъугьун гьел ч1валеб, хъолеб дин

гьеч1еблъи. Исаламалъул мурад буго гьел г1адамал х1акъаб, бит1араб нухда ах1и. Исламалъе квал-кал гьабураб мехалъ гьабула гьездехун рагъ. Х1акъабги, бат1улабги жо цо-цо мехалъ хвалченалъ гурони бат1а гьабуларо. гьеб мехалъ хвалчен х1алт1изабич1ого ресги бук1унаро.

كَيْفَ يَكُونُ لِلْمُشْرِكِينَ عَهْدٌ عِندَ ٱللَّهِ
وَعِندَ رَسُولِهِۦٓ إِلَّا ٱلَّذِينَ عَٰهَدتُّمْ عِندَ
ٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ فَمَا ٱسْتَقَٰمُوا۟ لَكُمْ
فَٱسْتَقِيمُوا۟ لَهُمْ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ
ٱلْمُتَّقِينَ ۝٧

**7. Гьел мушриказе кьот1и кин бук1инеб Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги ﷺ аск1об, масжидул х1арамалда аск1об жидее кьот1и гьабураб цох1о къокъаялъе гурони.** Банубакрилал абулеб цо къокъа буго гьаб, жидеца гьабураб кьот1и хвезабич1ел Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна гьел Маккаялъул агьло буго абун, микьабилеб соналъ Макка бахъун хадур иман лъеч1ого хут1арал. **Гьал г1адамаз кьот1и хвезабич1еб мехалъ нужеца кьот1и хвезабуге ва ц1араб заман щвезег1ан те. Аллагьасе ﷻ рокьула гьесул г1азабалдаса х1инкъун амру т1убалел г1адамал.**

كَيْفَ وَإِن يَظْهَرُوا۟ عَلَيْكُمْ لَا يَرْقُبُوا۟
فِيكُمْ إِلًّا وَلَا ذِمَّةً يُرْضُونَكُم
بِأَفْوَٰهِهِمْ وَتَأْبَىٰ قُلُوبُهُمْ وَأَكْثَرُهُمْ
فَٰسِقُونَ ۝٨

**8. Кин гьел мушриказе кьот1и бук1инеб, нужедаса бергьине жидее санаг1ат ккарабго жидеца щибго кьот1иги божилъиги ц1унуларел. Жидер к1алаздалъун нужеда жал разиял ва нужги рази гьарулел, амма рек1елъ нипакъ бугел. Гьезул г1емериселги пасикъзаби руго.**

Мунагь-х1акъалъул к1вар гьеч1ел, Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъиги гьеч1ел.

ٱشْتَرَوْا۟ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ ثَمَنًا قَلِيلًا فَصَدُّوا۟ عَن
سَبِيلِهِۦٓ إِنَّهُمْ سَآءَ مَا كَانُوا۟
يَعْمَلُونَ ۝٩

**9. Аллагьасул ﷻ Къуръаналда нахърилълъинч1ого дунялалъул маг1ишат т1аса бищарал, дин бичун дунял босарал. Аллагьасул ﷻ диналдаса цогидалги нахъч1валел. Ц1акъ квешаб буго гьез гьабулеб г1амал.**

لَا يَرْقُبُونَ فِى مُؤْمِنٍ إِلًّا وَلَا ذِمَّةً
وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُعْتَدُونَ ۝١٠

**10. Аллагьасда ﷻ ва аварагасда ﷺ мут1иг1лъарал муъминзабазе гьез кинабг1аги кьот1и ва божильи ц1унуларо,** гьезда рагъизе ва гьезие зарал гьабизе х1ал к1олеб бугони. **Гьел мушрикал руго жидер къосиналъул ва**

**х1алихьалъиялъул рахъалъан г1орхъолъан арал г1адамал.**

فَإِن تَابُوا۟ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَوُا۟ ٱلزَّكَوٰةَ فَإِخْوَٰنُكُمْ فِى ٱلدِّينِ ۗ وَنُفَصِّلُ ٱلْءَايَـٰتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿١١﴾

**11. Гьал г1адамаз ширкалдаса руссун тавбо гьабуни, цинги какги бани закатги кьуни, гьал нужер диналъул вацал руго. Гьадин баян гьарула дица жидеда жо бич1улел ва лъалел г1адамазе шарг1алъул х1укмаби ва далилал.**

وَإِن نَّكَثُوٓا۟ أَيْمَـٰنَهُم مِّنۢ بَعْدِ عَهْدِهِمْ وَطَعَنُوا۟ فِى دِينِكُمْ فَقَـٰتِلُوٓا۟ أَئِمَّةَ ٱلْكُفْرِ ۙ إِنَّهُمْ لَآ أَيْمَـٰنَ لَهُمْ لَعَلَّهُمْ يَنتَهُونَ ﴿١٢﴾

**12. Нужее гьаял гьедун къот1и гьабунги рук1ун цинги жидеца къот1и хвезабуни, ва нужер диналдехун зарал бугеб жо гьабизеги ургъани, нужеца гьел капурзабазул церехъабазда ва х1акимзабазда рагъ бай. Гьезулгун нужер къот1и гьеч1о** (гьез хиянат гьабун бугелъул). **Гьел мушриказ нужедахун гьабулеб тушманлъи тезе ва исламалъе заралияб жо гьабиги тезе.**

أَلَا تُقَـٰتِلُونَ قَوْمًا نَّكَثُوٓا۟ أَيْمَـٰنَهُمْ وَهَمُّوا۟ بِإِخْرَاجِ ٱلرَّسُولِ وَهُم بَدَءُوكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ أَتَخْشَوْنَهُمْ ۚ فَٱللَّهُ أَحَقُّ أَن تَخْشَوْهُ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٣﴾

**13. Нужеца рагъ кин гьабулареб, я гьал муъминзаби, жидеца къот1иги гьаялги хвезарурал г1адамазда. Авараг ﷺ Маккаялдаса къват1ив къот1изе жал х1адурун рук1арал.** (гьижра гьабиялда цере). **Гьел мушрикалги рук1аго жидеца къот1и хвезаби ва рагъ гьаби бай бихьарал.**

Нужергун къот1уда ругел Хузаг1атазда жидеца рагъ гьабун. (хузаг1ат абураб кьибил буго муъминзабазулго къот1и гьабун рук1арал цоцае кумек гьабизе). **Яги нуж гьездаса х1инкъунищ ругел?** Нуж гьездасан х1инкъуге. **Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъизе рекъараб буго нуж х1акъикъиял муъминзабилъун ругони.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру тараб мехалъ гьесул г1азаб щвезе бегьула, гьеб г1азаб ц1акъ квешаб ва захlматаб буго мушриказул рагъулъ рук1ун нужеда щолеб къварилъиялдаса.

قَـٰتِلُوهُمْ يُعَذِّبْهُمُ ٱللَّهُ بِأَيْدِيكُمْ وَيُخْزِهِمْ وَيَنصُرْكُمْ عَلَيْهِمْ وَيَشْفِ صُدُورَ قَوْمٍ مُّؤْمِنِينَ ﴿١٤﴾

**14. Нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ва нужер тушбабазда рагъ гьабе! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие г1азаб гьабизе буго нужер квераздалъун.** Ва нужги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло жигьад гьабурал рук1изе руго. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел г1одорег1анги гьаризе руго къезарун ва асир гьарун. Гьездасан бергьине Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ**

**нужее кверги бакъила. Исламияб дин т1адег1анлъун купру-ширк къун муъминзабазул рак1ги бохила гьезул рак1азе даруги лъугьина.**

وَيُذۡهِبۡ غَيۡظَ قُلُوبِهِمۡۗ وَيَتُوبُ ٱللَّهُ عَلَىٰ
مَن يَشَآءُۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝١٥

**15. Муъминзабазул рак1аздасан ццим бахъи, къварилъи, пашманлъиги т1аса инабила Аллагьас ﷻ. Жидеца тавбо гьабун руссарал г1адамазул тавбоги гьес къабул гьабила. Х1акълъунго Аллагь вуго жинда кинабго х1укму лъалев ва жиндир киналниги ишазулъ г1адло бит1арав х1аким.**
Аррази абулев г1алимас абуна: гьаб к1иго аяталда жаниб Т1адег1анав Аллагьас капурзабазда рагъ гьабе абун амру гьабулеб буго ва гьезие щуго к1удияб пайда-хайир бук1инги бицулеб буго:

1) Капурзабазе муъминзабазул кверазда лъун г1азаб гьаби.
2) Аллагьас ﷻ гьел капурзаби х1инкъизари ва къезари.
3) Муъминзабазе квербакъи гьаби.
4) Муъминзабазул рак1 боххизаби.
5) Гьезул рак1аздаса пашманлъи, къварилъи, ццим бахъин т1асса инаби.

Гьаб щуго пайда щибаб цояб жиб ц1акъ к1удияб буго, амма гьаб щуябго цадахъ бугони киг1ан к1удияб пайдаха бук1инеб!.

أَمۡ حَسِبۡتُمۡ أَن تُتۡرَكُواْ وَلَمَّا يَعۡلَمِ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ
جَٰهَدُواْ مِنكُمۡ وَلَمۡ يَتَّخِذُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ
وَلَا رَسُولِهِۦ وَلَا ٱلۡمُؤۡمِنِينَ وَلِيجَةٗۚ
وَٱللَّهُ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ ۝١٦

**16. Нужеда рак1алдайищ кколеб, я гьал муъминзаби, Аллагьас ﷻ нужер х1албихьи гьабиларо абун.**
Нужеда зах1малъи-къварилъи щвезабиларо абун, гьелдалъун нужер иманалъулъ рит1ухъавги, иман заг1ипавги, мунапикъалги рат1а гьаризе. **Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жидеца жигьад гьабулел мужагьидалги загьир гьарун лъазе гьарич1ого тела абун.**
**Жидеца капурзабаздаса гьудулзаби кквеч1ел, гьезда балъголъиги бицунарел, гьел Аллагьасдаса ﷻ, гьесул расуласдаса ﷺ ва муъминзабаздаса т1ок1 гьаруларел муъминзаби баян гьарич1ого тела абун:** ай Аллагьас ﷻ бат1а гьабич1ого ва загьир гьабич1ого толаро хъубабги бац1ададабги жо, х1акъабги бат1улабги жо. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца загьирго гьабулебги, балъго гьабулебги кинабго г1амал.** Ва щивасе жиндир г1амалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

مَا كَانَ لِلۡمُشۡرِكِينَ أَن يَعۡمُرُواْ مَسَٰجِدَ ٱللَّهِ
شَٰهِدِينَ عَلَىٰٓ أَنفُسِهِم بِٱلۡكُفۡرِۚ أُوْلَٰٓئِكَ

**17. Мушриказул иш гьеч1о Аллагьасул рукъзал къач1ай ва гьезие хъулухъ гьаби.** Гьеб гьересияб хъулухъ

حَبِطَتْ أَعْمَٰلُهُمْ وَفِي ٱلنَّارِ هُمْ خَٰلِدُونَ ١٧

букIуна: **гьез жидерго напсалъе нугIлъи гьабулеб бугелъул жал капурзаби рукIиналда.**
Жидеца хъанчазе лагълъи гьабулеб бугелъул.
Гьел мушриказул алагьзаби рукIана кагIба рукъалда аскIор эхетизе гьарун ва жидеца тIад ретIелги гьечIого кагIба рукъалда тIавап гьабулеб букIана, цинги гьел хъанчазе сужда гьабулеб букIана. **Гьел гIадамал жидер гIамал гIадада хварал руго, ахираталда абадияб жужахIалъул цIадар жал рукIунелги руго.**

إِنَّمَا يَعْمُرُ مَسَٰجِدَ ٱللَّهِ مَنْ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَأَقَامَ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَى ٱلزَّكَوٰةَ وَلَمْ يَخْشَ إِلَّا ٱللَّهَ فَعَسَىٰٓ أُو۟لَٰٓئِكَ أَن يَكُونُوا۟ مِنَ ٱلْمُهْتَدِينَ ١٨

**18. ХIакълъунго Аллагьасул рукъзал къачIалел гIадамал руго жидеца Аллагьасда ﷻ ва ахираталда иман лъурал гIадамал. Жидеца паризаял какал гIужда ва камилго ралел, боцIудаса закатги кьолел, жиндир шурутIал тIуран, шаргIалъ тIад гьабураб хIалалъ. ЦохIо Аллагьасдаса ﷻ гурони жалги хIинкъуларел. Гьал гIадамал руго жал хIакъаб нухда тIоритIарал,** жидеца масжидалги гьезда жаниб Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабун къачIалел.
Мушриказулъ гьечIел сипатал руго гьал ункъалго: цохIо Аллагьасда ﷻ ва ахираталда иман лъей, Аллагьасдаса ﷻ хIинкъулел рукIин, жидер хIакъ тIубан как бай ва закат бахъи. Гьал сипатал жиделъ гьечIел гIадамаз щиб гIамал гьабуниги гьеб ахираталъе щибго мунпагIат гьечIеб гIамал букIин бичIчIизабулеб буго аяталъ.
Масжидал къачIайги гьаб заманалъ гьел берцин гьари, гьенир тIансаби ва люстраби лъеялда буссинабун буго. Гьаб масжид къачIай Аллагьасе ﷻ къваригIараб ва гьев жинда разилъулеб жо гьечIо. Аллагьасе ﷻ бокьулеб масжидал къачIай буго гьениб жамагIат гьабун как бай, Къуръан цIали ва Къуръан-хIадисалъул, пикъгьиялъул ва цогидал диниял дарсал цIали.
ИбнухатIибица абуна: пикру гьабун рекIел лъаялдалъун ва рекIел бераздалъун балагьараб мехалъ кинабго жинца инсан алжаналде вачунеб гIамал гьев жужахIалда вачунеблъун лъугьулеб буго Аллагьасдаса ﷻ хIинкъиги тун гIадамаздаса хIинкъараб мехалъ. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъичIого, гьев разилъи тIалаб гьабичIого, гIадамазе гIоло (рияалъе) лъикIаб гIамал гьабурав чи, кигIанго шаргIалда рекъараб гьеб гIамал бугониги жужахIалда унев вуго.

Инсанасул Аллагьасдехун جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб г1амалалъулъ, г1ибадаталъулъ бищунго цебе гьабулеб жо гьев чиясул ният буго. Гьадин бугелъул нилъеда лъазе т1адаб буго: кинабго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъи лъик1аб буго ва гьеб жинца дунял ахираталъул лъик1лъиялда рачулеб буго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев, гьесул махлукъалсдаса х1инкъараб мехалъ цин гьеб х1инкъиго к1удияб Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1ассилъи ва къабих1лъи буго ва гьелда т1ад бач1араб щинаб жоги къабих1аб буго.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло жигьад гьаби Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъи буго. Жигьад гьабизе бокьунгут1и, гьелдасан ворч1изе бак1 ц1ехей Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тушбабаздаса х1инкъи буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нухда напакъа кьей (маг1ишат хвезаби) Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъи буго. Мискинлъи-пакъирлъиялдаса х1инкъун гьеб напакъа кьунгут1и щайт1аналъ гукки буго. Гьадин буго кинабго г1ибадат: г1иц1ав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, гьесдаса х1инкъун гьабураб г1ибадат Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго. Г1адамаздаса х1инкъун, гьезул мурад ц1унун гьабураб г1ибадат г1адамазе бугеб буго.

*أَجَعَلْتُمْ سِقَايَةَ الْحَاجِّ وَعِمَارَةَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ كَمَنْ آمَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَجَاهَدَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ لَا يَسْتَوُونَ عِندَ اللَّهِ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ﴿١٩﴾

**19. Нужеца каг1ба рукъалъе хъулухъ гьабиги х1ажизабазе замзам кьейги релълъинабулебищ бугеб, я гьал мушрикал, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва ахираталда иман лъеялдаги ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло жигьад гьабиялдаги! Гьал к1иялго г1адамал ращадал гьеч1о Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аск1ор. Х1акълъунго Аллагьас бит1араб нухда т1орит1уларо купру-ширк гьабун жидеего зулму гьабула ч1ч1арал г1адамал.**

Х1акъаб жо бихьулебги бук1аго, раг1улебги бук1аго, гьелда инкар ккун ч1ч1арал г1адамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидерго къосиналда тола.

Аяталдасан мурад буго мушрикалги муъминзабиги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аск1ор ращадал гьеч1еблъи бицин. Ращадал рук1унгут1иялъе сабабги буго мушриказ гьабулеб г1амал г1адада хвараб бук1ин, гьез жидерго напсазе зулму гьабулеб бук1ин гьел жужах1алъул г1азабалъе х1акъ гьарун. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рукъалъе зулму гьабулеб бук1ин, гьеб хъанчазе лагълъи гьабулеб бак1алда сверизабун.

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Бадроялда асирлъун ккаразда гьоркьов вук1арав Г1аббасида жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1абас г1айиб ч1вадал гьев ширкалда вук1иналда, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда вагъизе вахъиялда, г1агарлъиялда гьоркьоб бук1ине кколеб гурх1ел-рах1мо къот1изабиялда, Г1аббасица абуна: «дуца

нижер киналго квешлъаби рик1к1инч1ого нижер лъик1ал г1амалал кин рик1унарел»-абун. Г1али асх1абас абуна: «Нужер лъик1ал г1амалал ругишха?»- абун. Г1аббасица абуна руго. Нижеца каг1ба рукъалъе хъулухъ гьабула. масжидул х1арамги къач1ала, х1ажизабазе зам-замги кьола, асирлъун ккарал г1адамалги хвасар гьарула» (тархъула) – абун. Т1адег1анав Аллагьас (17,18,19) аятал решт1инаруна гьал Маккаялъул мушриказ гьабулеб г1амал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об жиндие къимат гьеч1еб бук1ин баян гьабун. Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ахираталдаги иманги лъун, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гьижраги гьабун, гьеб диналъе г1оло рагъги гьабун хьвадулел г1адамал рук1ин баян гьабуна Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жидеда разиял. Гьал г1адамазул хиралъи бицун, гьазие бугеб рохел бицун Т1адег1анав Аллагьас хадубги абулеб буго:

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَهَاجَرُوا۟ وَجَٰهَدُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ بِأَمْوَٰلِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ أَعْظَمُ دَرَجَةً عِندَ ٱللَّهِ ۚ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَآئِزُونَ ﴿٢٠﴾

**20. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва ахиратална иман лъурал г1адамал, жидер дин ц1унун ват1ан тун гьижра гьабун къват1ирги рахъарал, цинги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ цадахъ жидер напсаздалъун ва маг1ишаталдалъун жигьадги гьабурал. Гьал г1адамал руго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об жидер ажро-даража ва къадро-къимат т1адег1анал ва к1удиял г1адамал. Гьал г1адамал руго жидер дунял ахираталъул бахьибуголъиялда кверщел батаралги.**

يُبَشِّرُهُمْ رَبُّهُم بِرَحْمَةٍ مِّنْهُ وَرِضْوَٰنٍ وَجَنَّٰتٍ لَّهُمْ فِيهَا نَعِيمٌ مُّقِيمٌ ﴿٢١﴾

**21. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьал муъминзабазе роххел бицунеб буго жиндир рахъалъан бугеб рах1маталдалъун ва жив разилъиялдалъун. Алжаналдалъунги роххел бицунеб буго, жидеде жанир т1асса инго гьеч1ел ниг1матал ругел.**

خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عِندَهُۥٓ أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿٢٢﴾

**22. Гьел алжаназда жанир гьел лъугьизарула ахир гьеч1еб, абадияб заманалъ гьенир рук1унеллъун. Х1акълъунго Аллагьасда аск1об буго ц1акъ к1удияб ажро.**

Жинда инсанасул г1акъло нахъ рег1уларeб, жинца пикру гьабун лъаларeб. Бищунго к1удияб ажро буго алжаналъул агьлоялъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ зат бихьулеб бук1ин.

Абух1аяница абуна: Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазул лъабго т1адег1анаб сипат бицана ва щибалда данде цо-цо к1удияб ажроги

бицана: жиндир рах1мат бицана лагъзадерил иман лъеялъе жазаълъун. Жив разилъиги бицана Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1оло жигьад гьабиялда данде. Алжаналъул ниг1маталги рицана гьижра гьабун, ват1ан тун сапар гьабулаго бихьараб г1акъуба-зах1маталда данде.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّخِذُوٓاْ
ءَابَآءَكُمۡ وَإِخۡوَٰنَكُمۡ أَوۡلِيَآءَ إِنِ
ٱسۡتَحَبُّواْ ٱلۡكُفۡرَ عَلَى ٱلۡإِيمَٰنِۚ وَمَن يَتَوَلَّهُم
مِّنكُمۡ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٢٣

**23. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца т1аса рищуге нужер вализабилъун (кумекчаг1и, гьудулзаби) нужер вацал ва умумул, гьел иман лъеч1ого купруялда ч1ун ругеб мехалъ.** Жидее купру бокьарал г1адамал нужее рокьуге. **Гьел капурзаби рокьарал ва гьел валилъун ккурал муъминзаби жидеца напсазе зулму гьабулел руго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «мушрик вокьарав чи мушрик вуго, ширк гьабиялда разилъарав чиги мушрик вук1уна» – абун.

قُلۡ إِن كَانَ ءَابَآؤُكُمۡ وَأَبۡنَآؤُكُمۡ
وَإِخۡوَٰنُكُمۡ وَأَزۡوَٰجُكُمۡ وَعَشِيرَتُكُمۡ
وَأَمۡوَٰلٌ ٱقۡتَرَفۡتُمُوهَا وَتِجَٰرَةٞ تَخۡشَوۡنَ
كَسَادَهَا وَمَسَٰكِنُ تَرۡضَوۡنَهَآ أَحَبَّ
إِلَيۡكُم مِّنَ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَجِهَادٖ فِي
سَبِيلِهِۦ فَتَرَبَّصُواْ حَتَّىٰ يَأۡتِيَ ٱللَّهُ بِأَمۡرِهِۦۗ
وَٱللَّهُ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلۡفَٰسِقِينَ ٢٤

**24. Дуца абе Мух1амад,** купру-ширк бокьарал, гьезда т1ад рекъарал г1адамазда: **нужее нужер умумул, васал, ваццал, нужер руччаби ва г1агарлъи хирияб батани. Гьединго нужеца данде гьабураб маг1ишатги, жиб дагьлъила, хайир бахиларо абун х1инкъулеб даранги, нуж жиндаса ч1ух1ун ругел нужер рукъзалги нужее хириял ратани Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласдасаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гъазават гьабиялдасаги, нуж балагьун ч1аха нужедаго кинаб къодай бач1улеб абун.** Нужеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб бач1ина гьаб дунялалдаго яги ахираталда щвараб мехалъ. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб нухалда т1орит1уларо г1асияб, пасикъаб къавм.**

Гьаб к1иябго аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Т1адег1анав Аллагьас хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ амру гьабураб мехалъ Мадинаялда гьижра гьабе абун, иман лъурал г1адамаз абулеб бук1ана жидер г1агарлъиялда ва хъизаналда нилъъ гьижра гьабун ине ккола Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда мут1иг1лъун абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бахьибугеллъун гьарурал г1адамаз гьеб хабар рохелгун къабул гьабулеб бук1ана ва

гьижра гьабун къватӀире рахъунел рукӀана. Цогидал жидер хъизан лъималаз ва гӀагарлъиялъ: «Гьижра гьабуге, нижги рехун тоге»-абураб мехалъ Маккаялда чӀолел рукӀана гьижра гьабичӀого. Гьал гӀадамазул бицун рештӀизабуна ТӀадегӀанав Аллагьас гьаб кӀиго аят.

لَقَدْ نَصَرَكُمُ ٱللَّهُ فِى مَوَاطِنَ كَثِيرَةٍ وَيَوْمَ
حُنَيْنٍ إِذْ أَعْجَبَتْكُمْ كَثْرَتُكُمْ
فَلَمْ تُغْنِ عَنكُمْ شَيْـًٔا وَضَاقَتْ عَلَيْكُمُ
ٱلْأَرْضُ بِمَا رَحُبَتْ ثُمَّ وَلَّيْتُم مُّدْبِرِينَ ٢٥

**25. ТӀадегӀанав Аллагьас нужее кумек гьабуна гӀемерал гъазаватазулъ. Гьединго ХӀунайналъул гъазаваталдаги квербакъана нужее.** Нужерго гӀайибалдалъун ва нуж чӀухӀдаричӀого рукӀине Аллагьас ﷻ нуж риххун, тӀурун инарун рукӀун хадуб. **Нуж чӀухӀун рукӀана нужер гӀемерлъиялдаса, амма гьелъ нужее щибго кумек гьабичӀо. ЦӀакъго гӀатӀидаб ракьги нужее къваридаб бугеб гӀадин бихьана хӀинкъун нуж лъугьулеб мехалъ ва нуж тушманасда мугъги рехун тӀурун ана.** Гьаб аяталдалъун ТӀадегӀанав Аллагьас муъминзабазда бичӀчӀизабулеб буго гӀадамал гӀемер рукӀин, ярагъ лъикӀаб букӀин гьечӀеблъи рагъулъ бергьиналъе сабаб. Гьелъие сабаб буго Аллагьасдаса ﷻ хӀинкъун, гьесул квербакъиялда божун рагъулел мужагьидал рукӀин ва гьезие Аллагьас ﷻ квербакъиги.

ثُمَّ أَنزَلَ ٱللَّهُ سَكِينَتَهُۥ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ
وَعَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ وَأَنزَلَ جُنُودًا لَّمْ تَرَوْهَا
وَعَذَّبَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۚ وَذَٰلِكَ جَزَآءُ
ٱلْكَٰفِرِينَ ٢٦

**26. Цинги Аллагьас ﷻ жиндир аварагасда ﷺ ва муъминзабазда гӀодоре риччай рештӀизабуна.** Жиндир рахӀматалдалъун Аллагьас ﷻ гьезул ракӀал парахат гьаруна, ккараб гъалатӀалда кантӀизаруна ва цӀидасан Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда сверухъ руссана. **Гьел муъминзабазда бихьичӀеб кумекги рештӀинабуна Аллагьас ﷻ:** зодиса малаикзаби рештӀизаруна **ва Аллагьас ﷻ капурзабазе гӀазабги гьабуна.** Цоял чӀван, цоял асир гьарун, жидер кинабго боцӀи-мал гъаниматалъе (давлаялъе) бахъун. **Гьаб буго Аллагьас ﷻ жинда инкар ккурал гӀадамазе гьабулеб гӀакъуба ва жазаъ.**

ثُمَّ يَتُوبُ ٱللَّهُ مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ عَلَىٰ مَن
يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٢٧

**27. Гьалдаса хадубги Аллагьас ﷻ жидеца тавбо гьабурал гӀадамазул тавбо къабул гьабула.**
Гьедин исламалда рачӀана ХӀунайниялда аварагасда ﷺ данде рукӀарал Гьавазиназул нахъ хутӀарал

г1адамал. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жив гьурх1улев ва жинца мунагьал чурулев**.

Х1унайналъул гъазават бук1ана гьижраялъул микьабилеб соналъ. Макка бахъун хадуб, гьеб Маккаялъул кинабго агьло исламалдеги бач1ун, гьелъул тадбиралги гьарун, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялда ине х1адурулеб мехалъ, гьесда лъана Гьавазинал абулеб къавм жинда рагъ гьабизе х1адурулел рук1ин. Гьезул амир вук1ана Малик ибну Г1авф. Маккаялда сверухъ ругел киналго мушрикал цо-цалъ рекъон рагъуе х1адурун рук1ана. Гьезда лъалеб бук1ана Макка бахъун хадуб ва гьенир бусурбаби рук1ун хадуб жидер иш лъик1 бук1улареблъи.

Гьал Гьавазиналги Сакъиф абулел, бану Г1амр абулелги, жидер варанабиги, г1иялги рачун жал решт1ун рук1ана Х1унайни абулеб бак1алда. Гьезул рагъухъаби рук1ана ункъазарго г1адав чи. Цинги Аллагьасул свалат суалам лъеяв авараг гьезда данде вахъана Макка бахъизе живгун цадахъ рач1арал анц1 азарго асх1абгун, цогиги Маккаялъул агьлоялъул ва цогидал бусурбабазул к1иазарго чиги цадахъ вачун.

Маккаялда ва Т1аифалда гьоркьоб бугеб Х1унайни абулеб г1одоблъиялда хъах1лъи беччалеб г1ужалъ щведалго, гьенир гъокьч1ел гьабун, рагъуе х1адурун рук1арал мушриказул боязда т1аде ккана ва гьез ч1оразул ва хвалчабазул лебалаб ва хехаб рагъ гьабун бусурбабазул боял х1инкъизарун т1уризаруна. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жиндир «Шагьбаъ» абулеб г1орц1еналда рек1ун вук1ана, гьесул кваранаб рахъалда Г1аббас асх1абги вук1ана квег1аб рахъалда Абусупянги вук1ана. Х1арисил вас вуго гьав, аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вацг1ал ва рахьдал вац.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб х1алалъулъги ах1ун абулеб бук1ана: «Дун Аллагьасул авараг вуго ва гьеб гьереси гьеч1о, дун Г1абдуллагьил вас Мух1аммад вуго»-абун. Хирияв авараггун صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ цадахъ хут1ун вук1ана нусго г1анасев асх1аб. Цинги аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Г1аббасида амру гьабуна асх1абзабазда ах1и бай абун. Гьел т1ад руссине гьаризелъун борхараб гьаракьалъ Г1аббасица ах1улеб бук1ана: «я байг1ату ризваналъул асх1абзаби! Я суратул бакъараталъул асх1абзаби!»-абун.

Гьал асх1абзаби рук1ана Х1удайбияталда маслах1ат гьабураб гьижраялъул анлъабилеб соналъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе рагъдасан лъутич1ого рук1ине къот1и гьабурал мугьажирал ва ансарал. Гьеб гьаракь раг1анщинав асх1абас «лаббайка, лаббайка»

абун жал аварагасда ﷺ аск1ор рак1аризе байбихьана ва цогидал асх1абзабиги гьазда хадур рач1ине лъугьана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндихъе цо хъат ц1ураб ракь кьезабун, гьелда т1ад дуг1а гьабуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь, дуца дие гьабураб къот1и т1убазабе»-абун. Цинги гьеб ракь мушриказдехун реххана. Гьеб ракь киналго рагъухъабазул бадиб ва к1алдиб щвана ва гьезие рагъизе санаг1ат хвей гьабуна.

Цинги гьез х1инкъун, риххун лъутизе байбихьана ва хадур лъугьун бусурбабаз гьел ч1вазеги ях1 бахъана. Гьезул кинабго боц1и-мал ва руччаби-лъимал бусурбабазул асирлъиялде ккана. Цодагьал къоял гьоркьор араб мехалъ Гьавазинал бусурманлъун рач1ана Жиг1ранагь абулеб бак1алда вугев аварагасда ﷺ ва асх1абзабазда аск1оре. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие ихтияр кьуна жидер асирзаби нахъе рачине, яги жидер боц1и-мал нахъе бичизе. Гьавазиназ асирзаби нахъе рачи т1аса бищана. Анлъазарго г1анасев асир нахъе виччана, хут1араб боц1имал мужагьидазда гьоркьоб бикьана. Гьел боял гьарурав ва аварагасда ﷺ вагъизе вахъарав гьезул амир Г1амир ибну Г1авфиеги нусго варани кьуна ва гьев жиндир къавмалъул бет1ерлъун тана, цевего вук1араб х1алалъ.

Жинда Аллагь разилъаяв Шайбат ибну Г1усманидасан х1адис бицана: *Х1унайналда рагъ бугеб мехалъ дида авараг ﷺ вихьана сверухь г1адамал гьеч1ого ва дида рак1алда щвана Х1амзатицаги Г1али асх1абасги ч1варав дир эменги инсул вацги. Дица абуна: «жакъа рец1ел босизе бегьила дица инсулги имг1аласулги»-абун. Цинги дун ана аварагасул ﷺ кваранаб рахъалдаса т1аде к1анц1изе абун: гьенив дида Г1аббас вихьана ва гьес авараг ﷺ ч1вазе толереблъгии лъана.*

*Цинги дица квег1аб рахъалъан ине къасд гьабидал, гьенив Абусупян вихьун, гьесги авараг ﷺ ц1унулеблъи бич1ана дида. Цинги дица къасд гьабуна аварагасде ﷺ нахъаса т1аде ине. Дидаги гьесдаги гьоркьоб хут1араб манзил бук1инч1о дица хвалчен кьабизе рес бугеб гурони ва дица хвалчен борхилелде дидаги аварагасдаги ﷺ гьоркьоб ц1адул х1енех1 (сунтур) лъугьана жинца дир берзул канлъи инабизе дагьаб жо хут1араб. Берazда кверги ч1ван дун нахъах1ат1ил унаго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг дидехун вуссана ва жинца абуна: «Я Шайбат! Дида аск1ове вач1а. Я дир Бет1ергьан., дуца гьав Шайбатидаса шайт1ан нахъе инабе»-абун. Цингиги аварагас ﷺ абуна: «Я Шайбат, капурзаби ч1вае дуца»*-абун. (х1адис къокъ гьабун

хъвана). Х1адис Байгьакъияс бицана.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّمَا ٱلۡمُشۡرِكُونَ
نَجَسٞ فَلَا يَقۡرَبُواْ ٱلۡمَسۡجِدَ ٱلۡحَرَامَ
بَعۡدَ عَامِهِمۡ هَٰذَاۚ وَإِنۡ خِفۡتُمۡ عَيۡلَةٗ
فَسَوۡفَ يُغۡنِيكُمُ ٱللَّهُ مِن فَضۡلِهِۦٓ
إِن شَآءَۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ٢٨

**28. Я гьал иман лъурал г1адамал! Х1акълъунго мушрикал нажасал (чорокал) руго:**
жидер т1абиг1атал чорокал, жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, жидер рак1ал ва х1алал чорокал руго.
Ибну Г1аббасица абуна: гьезул черх чорокаб буго болъоназул ва гьабзазул г1адин.
Х1асанул Басрияс абуна: мушриказул квер босарав чияс какие чури ц1и гьабе абун. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар ибну Г1абдулг1азиз халипалъун вугеб мехалъ гьес лъазабун бук1ана киналго бусурбабазда ягьудиялги насраниялги масжидалда жанир лъугьизе тоге абун.
**Гьел мушрикал гьаб соналдаса хадуб масжидулх1арамалда жанир лъугьунге** ва цогидал масжидаздаги лъугьунге. Ай гьанжеялдасан хадуб, гьаб амру бач1ун хадуб. **Мушрикал х1аж гьабизе рач1инч1они нуж пакъирлъила абун х1инкъун ратани, я гьал Маккаялъул г1адамал, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьес нужее цоги нухалдасан бечелъи кьела.** Гьесул ц1об рах1мо к1удияб буго, бечелъиги г1орхъи гьеч1еб буго. гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала жинца гьабулеб жоялъул х1икмат ва маслах1ат. **Х1акълъунго жинда кинабго жо лъалев ва жинца х1укму гьабулев вугелъул Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**
Кинабго рахъалъан х1аж гьабизе рач1улел мушриказ даран-базар, квент1ех бач1унеб бук1индал, гьел х1аж гьабиялдаса нахъч1вараб мехалъ щайт1аналъ вас-вас рехулеб бук1ана Маккаялда ругел бусурбабазул рек1елъе гьел маг1ишат гьеч1ого хут1ила, ракъун хут1ила абун.
Т1адег1анав Аллагьас дунялалда бугеб щинаб ризкъиялъул бут1а жинда жаниб бач1улеблъун гьабуна Макка шагьар. Гьезие гьанимат, жизятги щолеб бук1ана, гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гьазават гьабураб мехалъ.

قَٰتِلُواْ ٱلَّذِينَ لَا يُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَلَا
بِٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَلَا يُحَرِّمُونَ مَا حَرَّمَ
ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ وَلَا يَدِينُونَ دِينَ ٱلۡحَقِّ
مِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ حَتَّىٰ يُعۡطُواْ
ٱلۡجِزۡيَةَ عَن يَدٖ وَهُمۡ صَٰغِرُونَ ٢٩

**29. Нужеца рагъ гьабе гьал муъминзаби, жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва ахираталда иман лъоларел г1адамазда. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расулас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ х1арам гьабураб жо х1арамги гьабуларел.**
Жидерго г1акълуяль ва кашишзабаз бокьараб жо х1арам гьабун, бокьараб

х1алал гьабун жал хьвадулел. **Ва жидеца х1акъаб динги гьабуларел.** Цох1огояб х1акъаб дин исламияб дин буго ва Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вит1ун, гьесухъе Къуръан решт1инабун гьаб исламияб дин ракьалда т1ибит1ун хадуб цогидал киналго динал бат1улал руго. Гьел диналги тун исламияб диналда руссине киназдаго т1адабги буго, гьеб гьабич1ого ч1арал г1адамалги капурал руго. **Гьадин капурал руго жидехъе т1ехь решт1инабурал ягьудиялги насраниялги. Гьазда рагъ гьабе абулеб буго Аллагьас ﷻ жал мут1иг1лъун, мук1урлъун, г1одог1анлъун гьез жизъят кьезег1ан.**

Гьаб аят решт1изабуна гьижраялъул ич1абилеб соналъ г1арабиязул жазираталда (полуостров) исламияб динги бергьиндал, мушриказул амруги г1одобе ккезабидал, Аллагьас ﷻ амру гьабулеб буго: «китабиял» абун жал ругел ва амма жидеца бит1араб, х1акъаб исламияб дин гьабулел гьеч1ел г1адамал исламияб диналда ах1еян абун. Гьез исламияб дин босич1они жидеда т1ад жизят (магъало) лъун жидерго ракьазда те, исламалъе ва бусурбабазе щибго зарал гьабич1ого бук1изе къот1иги гьабун абун. Гьаб амру т1убан вахъун вук1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Румазда рагъ гьабизе лъеберазарго г1анав асх1абги цадахъ вачун Табук абулеб бак1алда щвезег1ан. Гьаб гъазаваталъул хабар хадуб бач1ина, инша Аллагь.

Муслимица ва Бухарияс бицараб х1адисалда буго:

*«Нужеца ягьудиязе ва насраниязе салам кьей байбихьуге. Гьел нухда данде ккараб мехалъ нухлул къваридаб рахъалда ккезаре»*-абун. Гьалъул маг1наги буго капурал г1адамал к1одо гьаризе бегьунгут1и, гьезие бусурбабада т1ад т1ок1лъи бук1унгут1иги. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас жизят т1ад къот1ун толел китабиязе гьабулеб бук1араб къот1иялъул кагъат буго гьаб хадуб бугеб.

Аллагьасул ц1аралдалъун бай бихьула. Гьаб кагъат буго Аллагьасул ﷻ лагъасе ва муъминзабазул амирасе Г1умарие хъвараб кагъат (къот1и) пуланаб шагьаралъул насранияз. Нуж бусурбаби нижехъе рач1индал нижеца нужеда гьарана нижее аман гьабе абун ва нижер хъизаназеги, боц1ималалъеги нижер диналъул агьлоялъеги аман гьабе абун. Нижеца къот1и гьабун нижер напсазда т1адги босана: гьанже хадуб нижеца кинабг1аги канисат (церковь) ва гьелда релълъараб жинда жаниб нижеца дин гьабулеб бак1 базе гьеч1о. Гъокьго бан бук1араб басралъун ч1унтун араб мехалъ гьеб ц1и гьабун базе гьеч1о. Нижер канисатазда ва цогидал бак1азда жанир ч1езе бусурбабазул х1ажат ккараб мехалъ нижеца гьел гьукъизе гьеч1о релъедалги къадги. Бусурбаби ва сапаралда ругел г1адамл жанир рач1ине нижеца

гьел канисатазул рагьаби г1ат1ид гьаризе руго. Нижеда т1ад рач1арал бусурбабазе лъабго къоялъ гьоболлъиги гьабизе буго.

Нижеца жасусал (шпион) ва бусурбабазе заралалъе ургъулел г1адамал нижер канисаталда жанир риччазе гьеч1о. Нижер лъималазда Къуръанги малъизе гьеч1о. Нижеца ширк гьабизе гьеч1о, гьеб гьабиялда цониги чи ах1изеги гьеч1о. Нижеца бусурбабазул адаб-хъатир гьабизе буго. ниж т1аде рахъун гьезие г1одо ч1езе бак1 кьезе буго. нижеца бусурбабаз рет1улеб рет1елалда релъараб рет1елги рет1изе гьеч1о, гьезул г1адаб калам гьабун ниж к1алъазеги гьеч1о, гьезул ц1арал нижеда лъезе гьеч1о. Ниж кьили ч1ван чуялда рек1ине гьеч1о, хвалченги борчине гьеч1о. Кидаго ярагъги кодоб босизе гьеч1о. Нижеца г1араб мац1алъ баргъичалда хъвазе гьеч1о, хамроги гьекъезе гьеч1о.

Нижеда бет1ералъул ццебеса расал къокъ гьаризе руго, кир ругониги нижерго рет1ел рет1изе буго, нижер зинарги т1ад бухьун бук1ине буго (хасаб речел). Нижер канисатазда т1ад хъанчги борхизе гьеч1о. Нижер т1ахьал ва хъанчал бусурбабазул базаразда, нухазда къват1ир рахъизе гьеч1о. Щ1умурги кьабизе гьеч1о ц1акъго бигьаяб гьаракьалъ гурони (канисатазул ц1урмал).

Гьаракь борхун г1одизе гьеч1о ва гьаракь борхун нижеца т1ахьал ц1ализеги гьеч1о. Нижер хварал г1адамал бусурбабада аск1ор хабалъ лъезе гьеч1о. Жаназа босун унаго г1одун гьаракь гьабизе гьеч1о ва ц1аги бакизе гьеч1о. Бусурбабада нух малъизе буго, гьезул рагьо-къедалда лъугьун балъголъи ц1ехезе гьеч1о. Нижер диналъул г1ид къоял гьарун къват1ир рахъизе гьеч1о. Бусурманчиясда кьабизеги гьеч1о. Гьаб кинабго жо нижеца нижеда т1ад шарт1 гьабулеб буго нужее т1убазе, гьаб шарт1алда рекъон нижеца аманги босана. Гьал къот1абазул щибниги жо нижеца хвезеабуни, нижее божилъи гьеч1о ва нужее х1алаллъула къот1и т1убач1езе гьабулеб х1укму нижееги гьабизе.

Нужеца пикру гьабеха бусурбаби гьаб Къуръаналъул ва гьалда г1амал гьабурал асх1абзабазул хьвадиялъул, цинги гьаб заманалъ ругел г1алимзабазулги пикру гьабеха: капурзаби нилъер гьудулзаби руго, ваццал руго абун к1алъалел, гьезда дандч1вазе, к1алъазе рес щвани роххулел, гьезул шапакъатал къиматал хазинабилъун ц1унулел! إِنَّا لله وإِنَّا إِليهِ راجِعُون.

**30.** Щай гьал китабиязда рагъ базе кколеб абуни: **ягьудияз абулеб буго Г1узайр Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **вас вуго абун.**

وَقَالَتِ ٱلْيَهُودُ عُزَيْرٌ ٱبْنُ ٱللَّهِ
وَقَالَتِ ٱلنَّصَٰرَى ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ ٱللَّهِ

ذَٰلِكَ قَوْلُهُم بِأَفْوَٰهِهِمْ يُضَٰهِـُٔونَ
قَوْلَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَبْلُ قَٰتَلَهُمُ
ٱللَّهُ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ٣٠

**Насранияз абулеб буго Г1иса авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **вас вуго абун.** Жив Цогояв, Азалияв, Абадияв Бет1ергьан Аллагьасда г1унт1изабун гьадинаб гьереси бицулел г1адамазе мушриказул х1укму бук1ула. **Жидер гьеб раг1и буго к1алалъ абулеб, амма жиндие кинабг1аги далил-х1ужа гьеч1еб. Жидеда цере рук1арал капурзабаца гьабураб г1амал буго гьаз гьабулебги. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жал гьалаг гьареял тушбаби! Киг1ан к1удияб гьересиха гьез бицунеб?**

Бухтанасар абулев мажусияс (ц1адуе лагълъи гьабулев чи) бануисраилал гьалаг гьарун хадуб гьезда гьоркьов цоники чи хут1ун вук1инч1о таврат ц1ализе лъалев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нусго соналъ хвезавун хадуб ч1аго гьавидалго Г1узайрица ягьудиязе Тавраталдаса рек1ехъе ц1алун гьелъул х1укмаби рицун рук1ана. Гьелда г1ажаиблъун ягьудияз гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вас вуго абуна. Эмен гьеч1ого гьавун вугелъул насранияз Г1иса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ эмен Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абуна.

ٱتَّخَذُوٓا۟ أَحْبَارَهُمْ وَرُهْبَٰنَهُمْ أَرْبَابًا
مِّن دُونِ ٱللَّهِ وَٱلْمَسِيحَ ٱبْنَ مَرْيَمَ
وَمَآ أُمِرُوٓا۟ إِلَّا لِيَعْبُدُوٓا۟ إِلَٰهًا
وَٰحِدًا لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ سُبْحَٰنَهُۥ
عَمَّا يُشْرِكُونَ ٣١

**31. Гьаз Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун жидер кашишал ва рагьибал ккун руго жидее бет1ергьабилъун. Г1исаги аллагьлъун кколев вуго цо г1адамаз. Гьал киназдаго амру гьабураб жоги гьеч1о ц1ох1о Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **лагълъи гьабе абун гурони. Жив гурев цоги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеч1ев. Гьел мушриказ жиндие гьарулел сипатаздаса живги вац1адав ва Т1адег1анав.**

يُرِيدُونَ أَن يُطْفِـُٔوا۟ نُورَ ٱللَّهِ بِأَفْوَٰهِهِمْ
وَيَأْبَى ٱللَّهُ إِلَّآ أَن يُتِمَّ نُورَهُۥ وَلَوْ كَرِهَ
ٱلْكَٰفِرُونَ ٣٢

**32. Гьаб капураб къвамалъе ва мушриказе бокьун буго жидер к1алаздалъун Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нурлъун бугеб исламияб дин ссвинабизе.**

Щибго г1илла-х1ужа гьеч1ого, рак1алда ккараб хабар к1алалъ бицун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ц1алулеб Къуръан ва бицунеб шариг1ат хвезабизе рак1 буго гьезул. Гьазул г1амал релъун буго зодиб бугеб бакъ-моц1алда к1алалъ х1ухьел пун гьеб ссвинабизе къасд гьабуразда. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **тезе гьеч1о жиндир дин загьир гьабун гурони киг1анго капурал г1адамазе гьеб иш риханиги.** Т1адег1анав Аллагь жиндие бокьараб

жо бокьухъин гьабулев вуго.

هُوَ ٱلَّذِيٓ أَرۡسَلَ رَسُولَهُۥ بِٱلۡهُدَىٰ
وَدِينِ ٱلۡحَقِّ لِيُظۡهِرَهُۥ عَلَى ٱلدِّينِ
كُلِّهِۦ وَلَوۡ كَرِهَ ٱلۡمُشۡرِكُونَ ٣٣

**33. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго** жидие г1ибадат гьабизе х1акъав Бет1ергьан; **жинца Мух1аммад авараг** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **вит1арав г1аламалъе т1орит1ел босун ва х1акъаб исламияб динги босун, жинца гьеб цогидал киналниги диназда т1ад загьир гьабизе. Гьаб амру гьадин т1убазеги буго, киг1анго мушриказе гьеб бокьун гьеч1ониги.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّ كَثِيرٗا
مِّنَ ٱلۡأَحۡبَارِ وَٱلرُّهۡبَانِ لَيَأۡكُلُونَ
أَمۡوَٰلَ ٱلنَّاسِ بِٱلۡبَٰطِلِ وَيَصُدُّونَ عَن
سَبِيلِ ٱللَّهِۗ وَٱلَّذِينَ يَكۡنِزُونَ
ٱلذَّهَبَ وَٱلۡفِضَّةَ وَلَا يُنفِقُونَهَا فِي
سَبِيلِ ٱللَّهِ فَبَشِّرۡهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٖ ٣٤

**34. Я гьал иман лъурал г1адамал! х1акълъунго Г1емерисел рагьибалги кашишалги руго жидеца г1адамазул боц1и х1арамаб, бат1улаб нухалда кваналеллъун. Исламияб дин босизе бокьарал г1адамалги жидеца нахъч1валел.**
Жидер дин х1акъаб бугин абун гьезда рак1алда ккезабун. Насраниязул ва ягьудиязул диназда хасаб магъало бук1ана г1адамаз гьел рагьибазе ва кашишазе кьезе кколеб. Гьеб магъалоги кванан, г1адамалги гуккун рах1аталда рук1арал гьезие Мух1аммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ ва исламияб дин ц1акъ к1удияб тушманлъун ккана. **Жидеца г1арац-месед данде бак1арулел, гьеб хазинаде ц1унулел ва гьелдаса паризаяб закатги кьоларел, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе г1оло гъазават гьабизеги бокьуларел г1адамазда дуца роххел бице Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, ц1акъ унтизабулеб жужах1алъул г1азаб бук1ине бугин нужее ахираталда абун.**
«Канз» абула жиндасан закатги кьеч1ого данде бак1арун бугеб боц1уда. Замахшарияс абуна: гьаб цо аяталда жанир ягьудиязул ва насраниязул квешал г1адамалги, закат кьоларел бусурбабиги цадахъ рехсеялъ кант1изарулел руго гьал к1иялго жидеца х1арамаб боц1и кванаялъулъ цоцазде релълъун рук1иналда ва гьезие гучаб г1азабги бук1ине бук1иналда.

يَوۡمَ يُحۡمَىٰ عَلَيۡهَا فِي نَارِ جَهَنَّمَ
فَتُكۡوَىٰ بِهَا جِبَاهُهُمۡ وَجُنُوبُهُمۡ
وَظُهُورُهُمۡۖ هَٰذَا مَا كَنَزۡتُمۡ لِأَنفُسِكُمۡ
فَذُوقُواْ مَا كُنتُمۡ تَكۡنِزُونَ ٣٥

**35. Къиямасеб къоялъ гьеб г1арац-месед жужах1алъул ц1адаб баг1аризабун цинги гьелдалъун мугьру ч1валеб жидер нодоялда, мугъазда ва хьалбаздаги,** гьан бух1ун рукьби цере лъолеб х1алалалъ мугьру ч1вала.
Жинда Аллагь разилъаяв ибну Масг1удица абуна: дир напс жинда

кодоб бугев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1аралдалъун гьедулев вуго дун: гьев чиясул т1ом ва къаркъала к1одо гьабула, жинца данде гьабураб г1арац меседалъул цо-цо динар ва цоцо диргьам бат1а-бат1аго цох1о нухалъ т1аде лъун щибалъул мугьру ч1вазе г1олеб х1алалъ»-абун.

Гьаб лъабго бак1азда мугьру ч1ваялъе сабаб буго. Бахилав чиясда мискин-пакъир жинда данде вач1унев вихьараб мехалъ гьес нодо бук1к1инабула, жинда гьаризе гурин ва гьесие жо кьезе гурин ккелеб абун. Цинги гьев аск1ов щвараб мехалъ, гьесда хьибил рехула, гьев вихьулевго гьеч1ев г1адин. Цинги жиндасан цо жо гьарани мугъбан вуссула.

Имам Къурт1убияс абуна: гьумералда ч1вараб мугьру киназдаго бихьулеб бук1ула, хьибилалда ва мугъалда ч1вараб жиндир унти ц1ик1араб бук1уна абун. Гьеб мугьру ч1ван хадуб гьезда абула: **«Гьале гьаб буго нужеца хазинада ц1унун тун бук1араб жо. Гьанже гьаб хазинаялъул г1азаб ч1амеха нужеца»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Жинца боц1удасан закат кьоларев чиясе къиямасеб къоялъ ц1адул хъарщал гьарула ва гьездалъун гьесул гьумералда, хьалбазда ва мугъалда мугьраби ч1вала. Гьедин гьев эхетун вук1ина к1икъоялда анц1азарго сон г1ан халатаб къоялъ, халкъалъул х1исаб-мизан лъугьизег1ан. Цинги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьев чиясда жужах1алда унеб нух бихьизабула, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани алжаналда унеб нух бихьизабула»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Аяталдаса мурад буго дунялалъул рокъоб ч1ух1и реццалъе, ва цоцазда т1ад т1адег1анлъиялъе х1алт1изабулеб г1арац-месед ахираталда жидеего г1азабалъе сабаблъун батулеблъи бицин ва муъминзаби гьелда кант1изари.

إِنَّ عِدَّةَ ٱلشُّهُورِ عِندَ ٱللَّهِ ٱثْنَا عَشَرَ
شَهْرًا فِي كِتَٰبِ ٱللَّهِ يَوْمَ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَٱلْأَرْضَ مِنْهَآ أَرْبَعَةٌ حُرُمٌ ذَٰلِكَ ٱلدِّينُ
ٱلْقَيِّمُ فَلَا تَظْلِمُوا۟ فِيهِنَّ أَنفُسَكُمْ
وَقَٰتِلُوا۟ ٱلْمُشْرِكِينَ كَآفَّةً
كَمَا يُقَٰتِلُونَكُمْ كَآفَّةً وَٱعْلَمُوٓا۟
أَنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٣٦﴾

**36. Х1акълъунго Аллагьасда аск1об моц1азул къадар буго анц1ила к1иго моц1 бук1ин. Гьаб х1укму лавх1улмахфузалда хъван буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зобал ракьал рижараб мехалъго. Гьеб анц1ила к1иго моц1алдасаункъго моц1 буго жидеда рагъ гьаби х1арам гьабурал.**

«Зулкъиг1да, зулх1ижжа, мух1аррам, ражаб».

**Гьаб исламияб дин бит1араб дин буго.**

**Нужеца нужерго напсазе зулму гьабуге гьал моц1азда жаниб г1асилъаби гьарун ва х1арамал жал гьарун. Нужеца мушриказда**

**рагъ бай киналго цадахъ лъугьун, гьез нужедаги гьедин рагъ балеб бугелъул. Нужедаги лъан бук1а х1акълъунго Аллагьас квербакъулеблъи жиндаса х1инкъарал, дин т1адег1ан гьабизе г1оло рагъулел муъминзабазе.**

**37. Жагьилиял г1арабияз рагъ х1арам гьабурал моц1ал хисизари гьезул купруялъул г1емерлъи ва к1одолъи буго.** Рагъал г1емерал гьарулел рук1иналъ, г1арабияз жидее бокьарб мехалъ рагъ х1арам гьабураб моц1алъ рагъги гьабун, гьелъул бак1алда хисун цоги моц1 толаан рагъ х1арам гьабураблъун. **Гьелдалъун капурзабазул къосин жегиги ц1ик1к1изабула. Цох1о моц1 цояб соналъ рагъ гьабизе х1арамаб гьабула, цогидаб соналъ рагъ гьабизе х1алалаб гьабула. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **ункъго моц1 рагъ х1арамаб гьабун бугелъул, гьезги ункъго моц1 г1езабула, цоялъул бак1алда цогидабги хисун лъун. Гьеб х1алалъ Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **х1арам гьабураб жо х1алал гьаби ва Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **х1алал гьабураб жо х1арам гьабиги гьезда щайт1аналъ къабих1ал г1амалал берцин бихьизабун бук1иналъ буго. Х1акълъунго Аллагьас капурал г1адамал бит1араб нухда т1орит1уларо.**

إِنَّمَا ٱلنَّسِيٓءُ زِيَادَةٞ فِي ٱلۡكُفۡرِۖ
يُضَلُّ بِهِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ يُحِلُّونَهُۥ
عَامٗا وَيُحَرِّمُونَهُۥ عَامٗا لِّيُوَاطِـُٔواْ عِدَّةَ
مَا حَرَّمَ ٱللَّهُ فَيُحِلُّواْ مَا حَرَّمَ ٱللَّهُۚ
زُيِّنَ لَهُمۡ سُوٓءُ أَعۡمَٰلِهِمۡۗ وَٱللَّهُ لَا
يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٣٧

**38. Я гьал иман лъурал г1адамал! Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **расулас** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **жигьад гьабизе рахъаян ах1араб мехалъ нуж щай ракьалда рек1арал г1адин бак1лъун ч1олел? Нуж ахиратги к1очонтун дунялалъул ч1аголъи т1асса бищун гьелда рак1 гъунищ ругел? Ахираталда бугеб алжаланалда данде ккун гьаб дунялалъул ч1аголъи ц1акъго пайда гьеч1еб, къабих1аб жо буго.**

Гьаб аят решт1инабуна Табукалда гъазават гьабизе унеб мехалъ цо-цо г1узро бачун рокъор ч1арал иман заг1ипал г1адамазул х1акъалъулъ.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَا لَكُمۡ إِذَا
قِيلَ لَكُمُ ٱنفِرُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ
ٱثَّاقَلۡتُمۡ إِلَى ٱلۡأَرۡضِۚ أَرَضِيتُم بِٱلۡحَيَوٰةِ
ٱلدُّنۡيَا مِنَ ٱلۡأٓخِرَةِۚ فَمَا مَتَٰعُ
ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا فِي ٱلۡأٓخِرَةِ إِلَّا قَلِيلٌ ٣٨

**39. Нуж Аллагьасул расулгун** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **цадахъ жигьад гьабизе рахъич1они Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее ц1акъ унтизе гьабулеб г1азаб гьабила.**

Дунялалда тушман т1амила нужее г1азаб

إِلَّا تَنفِرُواْ يُعَذِّبۡكُمۡ عَذَابًا أَلِيمٗا
وَيَسۡتَبۡدِلۡ قَوۡمًا غَيۡرَكُمۡ وَلَا تَضُرُّوهُ
شَيۡـٔٗاۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٌ ٣٩

гьабизе, ахираталда ц1адул г1азабги гьабила. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: ц1акъ къуватаб г1азаб гьабила абун.

**Цинги нужги гьалаг гьарун Аллагьас ﷻ нужер бак1алда цоги къавм гьабила: жидеца жигьадги гьабулел, Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги ﷺ жал мут1иг1лъулел. Нужеца Аллагьасе ﷻ щибго зарал гьабуларо нуж жигьадалъе рахъич1огоян абун. Х1акълъунго Аллагь кинабго жоялда х1ал к1олев вуго.** Нуж рахъич1ониги жигьад гьабизе къват1ир рахъаразе квербакъила Аллагьас ﷻ ва гьезие дунял-ахираталъул лъик1лъиги щвела.

إِلَّا تَنصُرُوهُ فَقَدْ نَصَرَهُ ٱللَّهُ إِذْ
أَخْرَجَهُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ثَانِىَ ٱثْنَيْنِ إِذْ
هُمَا فِى ٱلْغَارِ إِذْ يَقُولُ لِصَـٰحِبِهِۦ
لَا تَحْزَنْ إِنَّ ٱللَّهَ مَعَنَا ۖ فَأَنزَلَ ٱللَّهُ
سَكِينَتَهُۥ عَلَيْهِ وَأَيَّدَهُۥ بِجُنُودٍ لَّمْ
تَرَوْهَا وَجَعَلَ كَلِمَةَ ٱلَّذِينَ
كَفَرُوا۟ ٱلسُّفْلَىٰ ۗ وَكَلِمَةُ ٱللَّهِ هِىَ
ٱلْعُلْيَا ۗ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٤٠﴾

**40. Нужеца таниги Аллагьас ﷻ толаро жиндир расул квербакъич1ого. Х1акълъунго Аллагьас кверги бакъана жиндир расуласе ﷺ, Маккаялъул мушриказ жив Маккаялдаса къват1ив инавураб мехалъ. Гьевгун цадахъ цох1о Абубакар асх1аб гурев чиги вук1инч1о, гьев к1иявго нохъокь рахчун ругеб мехалъ.** Савру абураб мег1ералда буго гьеб нохъо **хирияв аварагас ﷺ жиндир гьалмагъ Абубакарида абуна: мун пашманлъуге, нилълъгун цадахъ Бет1ергьан Аллагь вуго абун.** Жинца квербакъулев ва нилълъ ц1унулев.

Т1абарияс Абубакар асх1абасдаса х1адис бицана:

*Аллагьасул расулгун ﷺ цадахъ дун нохъокь вугеб мехалъ, нижеда хадур рач1арал мушриказул х1ат1ал нижер бут1рузда г1агарлъун рук1ана. Дица аварагасда ﷺ абуна: «Я расулаллагь! Гьезул цоя жиндирго х1ат1аздехун валагьани гьазда нилъ рихьила гурищ?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я Абубакар! Дуда щибжо рак1алда кколеб к1иго чиясул х1акъалъулъ, жидер лъабабилевлъун Аллагь ﷻ вугел?»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1аб аварагасе ﷺ зарал ккеялда х1инкъун вук1ана, хирияв аварагас ﷺ гьесул рак1 парахат гьабуна Аллагь ﷻ вуго нилълъгун цадахъ абун.

**Аллагьас ﷻ жиндир расуласда ﷺ г1одов виччай ва парахалъи рещт1инабуна. Мушриказда рихьич1ел малаикзабиги рещт1инаруна авараг ﷺ ц1унизе. Гьел капурзабазул раг1иги Аллагьас ﷻ г1одобг1ан гьабуна,** гьелдалъун мушрикалги ширкги

х1акъир гьабуна. **Аллагь ﷻ цо гьавулеб «лаилагьа иллаллагь»-абураб калима буго жиб т1адег1анаб раг1и.** Гьеб раг1иялдалъун Аллагьас ﷻ муъминзаби т1адег1ан гьаруна, гуч бугелги гьаруна. **Аллагь ﷻ вуго жиндир амруялъулъ гуч бергьарав х1аким.**

**41. Нуж гъазават гьабизе къват1ире рахъа я гьал муъминзаби, рек1ун ругониги, лъелго ругониги, г1олохъанал ругониги к1одолъарал ругониги.**

ٱنفِرُوا۟ خِفَافًا وَثِقَالًا وَجَٰهِدُوا۟ بِأَمْوَٰلِكُمْ وَأَنفُسِكُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤١﴾

Мискинал ругониги бечедал ругониги, бигьалъи бугониги зах1малъи бугониги.
Нужее гьеб гъазават гьабизе ц1акъго бокьун бугониги яги бокьуларого, зах1малъун бугониги. **Ва нужеца Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабе нужер напсаздалъун ва маг1ишаталдалъун.**
**Гьаб буго нужее лъик1аб жо,** жиб т1аса унеб дунялалда разилъун гъазават гьабизе рахъинч1ого ч1еялдаса. **Гьаб амру гьадин бук1ин лъалеб батани нуж Аллагьасул ﷻ ва гьесул расуласул ﷺ амру т1убазе к1вах1аллъуге.** Дуналалъул рокъоб щолеб лъик1лъи буго тушманасдаса бергьинги, гъаниматги, исламияб ракь к1одолъи ва бусурбаби г1емерлъи. Ахираталда щолеб хайир буго Аллагь ﷻ разилъи ва ниг1матазул алжанал.

**42. Гьал мунапикъзаби жинда ах1улеб жо бук1арабани аск1обго бугеб, бигьаго щолеб жо, г1емер рик1к1ад ине кколарел бигьаябго сапарги бук1арабани, гьел дуда нахърилълъине рук1ана Мух1аммад ﷺ!**

لَوْ كَانَ عَرَضًا قَرِيبًا وَسَفَرًا قَاصِدًا لَّٱتَّبَعُوكَ وَلَٰكِنۢ بَعُدَتْ عَلَيْهِمُ ٱلشُّقَّةُ ۚ وَسَيَحْلِفُونَ بِٱللَّهِ لَوِ ٱسْتَطَعْنَا لَخَرَجْنَا مَعَكُمْ يُهْلِكُونَ أَنفُسَهُمْ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ إِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ﴿٤٢﴾

Амма Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун рахъуларо мунапикъзаби, жидее давла щвезе бокьун рахъуна. **Кинниги, жидее ц1акъ рик1к1адаблъун ва зах1матаблъун бихьана гьеб сапар.** Гьедин бугелъул жидер рак1азулъ нипакъги бахчун дуе г1узрабиги рицана гьез.
**Хадурги гьел Аллагьасул ﷻ ц1араздалъун гьедаризе руго: «жидер рес бук1арабани, х1алк1олебани, жалги рахъизе рук1анин нужгун цадахъ»-абун. Гьел руго жеги ц1ик1к1ун жидер напсазе зулму гьабулел ва гьел гьалаг гьарулел г1адамал. Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго гьел мунапикъаз гьереси бицулеб бук1ин.** Ва гьезие щибго г1узро бук1инч1еблъиги рокъор ч1езе. Гьаб аяталда жанибги

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ругел мугlжизатаздаса цо мугlжизат буго: Табукалда гъазаваталда вукlаго гьес бицана жал тlад руссун Мадинаялда щвараб мехалъ мунапикъзабаца абизе бугеб рагlи. Ибнужаририца Хlибан ибну Зайдидаса хабар бицана: ниж гъазаваталда рахъана Синван ибну Гlамр асхlабгун цадахъ. Гьев Сириялъул Хlимс шагьаралъул вали вукlана. Дида гьеб гъазаваталда вихьана Димашкъ шагьаралдаса цо цlакъ херав чи, жиндир кьунсрулги бадир жанир рортарав. Дица гьесда абуна: «Я дир инсул вац! (кlудияв чиясда хитlаб гьабула гlарабияз гьаб рагlиялдалъун) Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуе гlузро бачун буго гурищ? Мун рокъов вукlине лъикl гьечlиш?»-абун. Кlудияв чияс абуна: «Я дир вацасул вас! Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъалъ гъазаваталда рахъа абун буго гlолохъанал ругониги херал ругониги. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие вокьарав чиясул хlалбихьи гьабула цо къварилъиялдалъун, цинги гьев рагъда хвечlого тlад вуссун вачlун цогиги гъазават гьабизе уна. Тlадегlанав Аллагьас хlалбихьи гьабула гьесул лагъзадерил жинца щукру гьабулев, сабру гьабулев, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гlемер рехсолев, цохlо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони жинца гlибадат гьабичlев чиясул»- абун.

Цоги бицана: жинда Аллагь разилъаяв Абутlалхlат абулев асхlаб жив херав чи вугониги гъазаваталда вахъун, гамида рекlун унаго хвана. Ичlго къо бана ракъдаллъи бугеб бакlалда щоларого гьев хабалъ лъезе. Цинги хабалъ лъуна ва щибго къаркъалаги хисун букlинчlо абун.

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхlаги гьал лебалал бахlарзазда, гьев разилъи тlалаб гьабун жидеца рухl бичарал!

عَفَا ٱللَّهُ عَنكَ لِمَ أَذِنتَ لَهُمْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَكَ ٱلَّذِينَ صَدَقُوا۟ وَتَعْلَمَ ٱلْكَـٰذِبِينَ ﴿٤٣﴾

**43. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тlаса лъугьарав вуго Мухlаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дудаса гьел мунапикъазе рокъор чlезе изну кьеялдаса. Жидеца гlузро бицараб мехалъ гьезул хlал цlехечlого ва гьереси бицуневги битlараб бицуневги чи ватlа вахъилалде цебе.**

Ай изно кьечlого тезе лъикl букlана гьезие, гьел мунапикъзаби ругелъул. Гьаб аяталда жаниб Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кlодо гьави, гьесул хlурмат гьаби буго: жинда гlайиб чlвалелде цебе аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъазабулеб буго гьеб гlайиб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тlаса лъугьараб бугилан абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса ккараб жо гlайиб букlинчlо, шаргlалда хилапаб жоги букlинчlо, гьедин гьечlониги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесда абулеб буго гьел мунапикъзаби ругин, тlокlав мун гьезда божуге ва хlалбихьи гьабун хадуб гурони гьезул рагlи басуге абун.

Мужагьидица абуна: гьаб аят рештlинабуна мунапикъзабазул

х1акъалъулъ.Гьез жидеда гьоркьоб къот1и гьабун бук1ана: гъазаваталда рахъинч1ого рук1ине Аварагасдаса ﷺ изну т1алаб гьабизе, гьес изно кьуниги, кьеч1ониги къват1ир рахъич1ого рук1ине-абун.
Гьаб иш гьадин бук1ин баян гьабун Т1адег1анав Аллагьас хадубги абулеб буго:

لَا يَسْتَأْذِنُكَ الَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ أَن يُجَاهِدُوا بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالْمُتَّقِينَ ﴿٤٤﴾

**44. гъазаваталда рач1инч1ого рокъор ч1езе изно т1алаб гьабуларо Мух1аммад ﷺ, Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ахираталдаги иман лъурал г1адамаз ва жидер напсалдалъунги маг1ишаталдалъунги гъазават гьаби гьезие рихуларо.**

Гьел муъминзабазда лъалелъул Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гъазават гьабурал мужагьидазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къач1ан ругел к1удиял ниг1матал. Гьеб жо кодоса борч1изе кин гьез биччалеб? **Жиндаса х1инкъарал муъминзабазул х1ал жинда лъалев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**

إِنَّمَا يَسْتَأْذِنُكَ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَارْتَابَتْ قُلُوبُهُمْ فَهُمْ فِي رَيْبِهِمْ يَتَرَدَّدُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Х1акълъунго дудаса изну т1алаб гьабулел г1адамал руго Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ахираталдаги иман лъеч1ел, жидер рак1азулъ щаклъиги бугел ва щиб гьабилеб лъаларого х1айранлъун сверселел ругел.**

۞ وَلَوْ أَرَادُوا الْخُرُوجَ لَأَعَدُّوا لَهُ عُدَّةً وَلَٰكِن كَرِهَ اللَّهُ انبِعَاثَهُمْ فَثَبَّطَهُمْ وَقِيلَ اقْعُدُوا مَعَ الْقَاعِدِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Гьал мунапикъазе мунгун цадахъ гъазаваталда рахъине бокьун бук1арабани жидеца ярагъги квен-т1ехги х1адуризе бук1ана.**

Гьаз щибго х1адурлъи гьабич1о, гьелъ бицунеб буго гьезие гъазаваталде рахъине бокьун гьеч1еблъи. **Кинниги Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ бокьун бук1инч1о гьел нужгун цадахъ рахъине.** Гьез рагъдаги нужее хиянат гьабизе бук1ана ва х1инкъулел харбал рицун муъминзабазул къуват хвезабизе бук1ана. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел к1вах1ал гьаруна, гьезул къасдги хвезабуна ва гьезда абуна: «Нуж рокъор рук1а руччабазда ва лъималазда аск1ор»-абун.**

لَوْ خَرَجُوا فِيكُم مَّا زَادُوكُمْ إِلَّا خَبَالًا وَلَأَوْضَعُوا خِلَالَكُمْ يَبْغُونَكُمُ الْفِتْنَةَ وَفِيكُمْ سَمَّاعُونَ لَهُمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالظَّالِمِينَ ﴿٤٧﴾

**47. Нужгун цадахъ гьел рач1ун рук1арал ани гьез нужее цо квешлъи ва пасалъи гурони гьабизе бук1инч1о. Нужеда гьоркьор мац1 гьабун ва хъубаб хабар бицун хьвадизе рук1ана нуж цо-цазде тушманлъи гьабиялде рачине, нужер**

**боги биххизабизе бук1ана. Нужеда гьоркьор гьезда г1енеккулел ва гьезул рагl1и берцин бихьулел жидер иман ва г1акъло загl1ипал г1адамалги рук1инаан. Х1акълъунго Аллагь жинда лъалев вуго гьел зулмуял мунапикъазул х1ал.** Гьезул рак1азда бугеб жо лъала Т1адег1анав Аллагьасда.

لَقَدِ ٱبْتَغَوُا۟ ٱلْفِتْنَةَ مِن قَبْلُ وَقَلَّبُوا۟ لَكَ ٱلْأُمُورَ حَتَّىٰ جَآءَ ٱلْحَقُّ وَظَهَرَ أَمْرُ ٱللَّهِ وَهُمْ كَٰرِهُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Гьез гьалдаса ццебеги гьабун бук1ана дуе зарал ва питна лъугьине бокьараб г1амал.**

Ух1удалда рагъдацин щвеч1ого ибну Салул абулев мунапикъ лъабнусго г1адав чиги цадахъ вачун нахъ вуссун ана. **Дур амру т1убан гут1изе, дур дин хвезабизе г1емер х1илабиги ургъана гьез. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **квербакъи бач1ун диналъе къуват щвезег1ан ва гьеб исламияб дин цогидал диназдаса бергьинег1ан.** Мунапикъаз х1илла-макро г1емер гьабуна. **Ва киг1анго гьезие рихун бугониги исламияб дин загьирлъана ва бергьана.**

Ибнукасирица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялде вач1араб мехалъ гьесда данде киналго капурал г1арабиял цоцалъ рекъон рагъулел рук1ана. Ягьудиязги Мадинаялъул мунапикъазги х1алк1вараб жо гьабуна Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин гьукъизе абун. Ахирги исламияб дин загьирлъун цебехун ине бай бихьидал, Бадроялъул рагъда аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бергьиндал, Ибнуубайу абулев мунапикъас абуна: «Гьанже гьаб амро цебехун унеб буго»-абун. Цинги гьел загьиралда исламалде рач1ана ва амма жанисан рак1ал къойидасан къойиде аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ х1алхъублъун, ццидал ц1ун лъугьулел рук1ана. Гьеб буго Т1адег1анав Аллагьас: «Киг1анго капурзабазе риханиги» абураб раг1иялдаса мурад-абун.

وَمِنْهُم مَّن يَقُولُ ٱئْذَن لِّى وَلَا تَفْتِنِّىٓ ۚ أَلَا فِى ٱلْفِتْنَةِ سَقَطُوا۟ ۗ وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيطَةٌۢ بِٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٤٩﴾

**49. Гьел мунапикъзадаса цо чи вуго жиндие рокъов ч1езе изно кьейин ва гъазаваталда вачун жив мунагь-х1акъ бугеб жоялда ккезавугеян абулев.**

Гьав вуго Алжаду ибну Къайс абулев чи.

Аллагьасул свалат сала лъеяв аварагас Банул-асфар абулел г1адамазда гъазават гьабизе вахъаян абураб мехалъ, жинца абурав: «Дун рокъов те, дида руччабаздаса сабро гьабизе к1оларо»»-абун.

**Гьал г1адамал питнаялда жанир ругел руго:** гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гъазаваталда рахъунел гьеч1елъул. Питнаялъулъ

т1ерхьунги руго жидеца купроги нипакъги загьир гьабун. Гьел жужах1алъул бищун гьокьияб гвендинир рук1унелги руго. **Х1акълъунго жужах1алъул г1азаб буго капурзабазда ц1акъ сверун лъугьулеб.** Гьезие рорч1изе бак1го гьеч1о. Ц1адул жанисан ц1ураб, сверухъ маххул сангар бугеб хъалаялда релълъун бук1уна гьезие жужах1.

إِن تُصِبْكَ حَسَنَةٌ تَسُؤْهُمْ وَإِن تُصِبْكَ مُصِيبَةٌ يَقُولُوا۟ قَدْ أَخَذْنَآ أَمْرَنَا مِن قَبْلُ وَيَتَوَلَّوا۟ وَّهُمْ فَرِحُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Дуда ва муъминзабазда цо лъик1лъи щвани гьел мунапикъазе рихулеб буго. дуда цо къварилъи щвани гьел роххулел руго ва жидеца абулеб буго: «нижеца нижго ц1унана гьав чигун цадахъ къват1ир рахъич1ого»-абун, ва гьел роххун, разилъун жидерго ишалде унел руго.**

قُل لَّن يُصِيبَنَآ إِلَّا مَا كَتَبَ ٱللَّهُ لَنَا هُوَ مَوْلَىٰنَا ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُؤْمِنُونَ ﴿٥١﴾

**51. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нижеда щвезе гьеч1о Аллагьас ﷻ хъвараб ва къадар гьабураб жо гурони. Гьев вуго нижер хан ва к1удияв. Гьев Аллагьасда ﷻ таваккал т1амизе т1адаб буго киналго муъминзабазда.**

قُلْ هَلْ تَرَبَّصُونَ بِنَآ إِلَّآ إِحْدَى ٱلْحُسْنَيَيْنِ ۖ وَنَحْنُ نَتَرَبَّصُ بِكُمْ أَن يُصِيبَكُمُ ٱللَّهُ بِعَذَابٍ مِّنْ عِندِهِۦٓ أَوْ بِأَيْدِينَا ۖ فَتَرَبَّصُوٓا۟ إِنَّا مَعَكُم مُّتَرَبِّصُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нужеца хъаравуллъи ккун гьеч1о нижее к1иго лъик1лъи щвеялда гурони:** рагъда бергьун, Аллагьас ﷻ квербакъун, гьанимат щун т1ад руссин, яги шагьадат щун алжаналъул агьлолъун рук1ин. Гьаб к1иго жо буго нижее ц1акъ бокьараб ва нижеца т1алаб гьабулеб. **Амма нижеца хъаравуллъи ккун буго Аллагьас ﷻ нужее жиндир рахъалъан г1азаб гьабиялда, яги нижер квераздалъун г1азаб гьабиялда. Нуж хъаравуллъи ккун рук1а! Нижги хъаравуллъи ккурал руго нужеда щолеб балагьалда-абун.**

قُلْ أَنفِقُوا۟ طَوْعًا أَوْ كَرْهًا لَّن يُتَقَبَّلَ مِنكُمْ ۖ إِنَّكُمْ كُنتُمْ قَوْمًا فَٰسِقِينَ ﴿٥٣﴾

**53. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, гьел мунапикъазда: нужеца напакъа кьуниги гьеб Аллагьас ﷻ къабул гьабуларо. Нужеца рак1 разилъун кьуниги яги бокьич1ого кьуниги гьелъул нужее щибго мунпаг1ат гьеч1о. Нуж Аллагьасда ﷻ мут1иг1лъич1ел пасикъал г1адамал ругелъул.**

Гьесул амруялда нахърилълъинч1ел, рек1елъ иман гьеч1ел руго.

وَمَا مَنَعَهُمْ أَن تُقْبَلَ مِنْهُمْ نَفَقَٰتُهُمْ إِلَّآ أَنَّهُمْ كَفَرُوا۟ بِٱللَّهِ وَبِرَسُولِهِۦ وَلَا يَأْتُونَ ٱلصَّلَوٰةَ إِلَّا وَهُمْ كُسَالَىٰ وَلَا يُنفِقُونَ إِلَّا وَهُمْ كَٰرِهُونَ ﴿٥٤﴾

**54. Гьел мунапикъзабаца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло гъазават гьабизе кумекалъе кьолеб боц1и-мал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къабул гьабунгут1и буго, гьел рук1иналъе г1оло жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласдаги ﷺ иман лъеч1ел. Жамаг1атгун цадахъ как базе масжидалдаги рач1унарел, ц1акъ зах1малъун, к1вах1аллъун гурони.** Жидеца гьеб как г1адамазе г1оло балеб бугелъул. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло напакъаги кьоларел жидеда рихун, бокьич1ого гурони.**

Гьеб жо жидее бугеб зулмолъун рик1к1унеб бугелъул. Гьаб как баялдалъун ва напакъа кьеялдалъун жидее ахираталда кири бук1инги, алжан бук1инги гьезда лъалеб гьеч1о. Гьел гьеч1о ахираталда иман лъурал.

Албах1ро абулеб тафсиралда абулеб буго: Т1адег1анав Аллагьас как байги, напакъа кьейги цадахъ рехсана, гьаб к1иябго бук1иналъе г1оло бищунго хирияб г1амал: как бай буго черхалъ гьабулеб г1амалалъул бищун хирияб, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1оло боц1и-мал кьейги буго садакъабазул бищун хирияб. Гьаб к1иябго жо гьабизе к1вах1алав чи вуго мунапикълъиялъул сипат чорхалъ бугев-абун.

فَلَا تُعْجِبْكَ أَمْوَٰلُهُمْ وَلَآ أَوْلَٰدُهُمْ ۚ إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُعَذِّبَهُم بِهَا فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَتَزْهَقَ أَنفُسُهُمْ وَهُمْ كَٰفِرُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Дуда ц1акъаб жолъун бихьуге я гьав муъминчи, дица гьел мунапикъазе кьураб бечелъиги, гьезул лъимал-хъизанги ва мун гьелда г1ажаиблъуге.** Гьеб буго загьиралда жидее бугеб ниг1мат, ва амма х1акъикъаталда гьеб буго гьезие бугеб г1азаб. Г1емераб г1акъуба-къварилъи бихьун данде гьабула гьез дунялалъул маг1ишат, ахиратада жидеего рек1ел бакъваялде буссула. **Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьун буго гьеб маг1ишаталдалъун ва лъималаздалъун гьезие дунялалдаго г1азаб гьабизе:** Гьезул лъимал муъминзабаца ч1ван ва гьезул боц1и-малги давлаялъе бахъун. **Ва гьезул рух1алги росизе капураллъун рук1ун, гьелдалъун ахираталда жидее гьабулеб г1азабги ц1ик1к1изе.**

وَيَحْلِفُونَ بِٱللَّهِ إِنَّهُمْ لَمِنكُمْ وَمَا هُم مِّنكُمْ وَلَٰكِنَّهُمْ قَوْمٌ يَفْرَقُونَ ﴿٥٦﴾

**56. Гьел мунапикъзаби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1аралдалъун гьедулел руго жал нужгун цадахъ ругин,** нужецаго г1адин

иман лъурал ругин абун. **Гьел нужгун цадахъ гьеч1о жидер рак1簡аздалъун.**

**Гьел руго жал х1инкъун ругел г1адамал, нужеца мушрикалго г1адин жалги ч1валин абун.** Гьедин бугелъул гьел муъминзабилъун ч1ун руго ва гьелдаги т1аде гьересияб гьаги гьедулеб буго.

لَوۡ يَجِدُونَ مَلۡجَـًٔا أَوۡ مَغَٰرَٰتٍ أَوۡ مُدَّخَلٗا
لَّوَلَّوۡاْ إِلَيۡهِ وَهُمۡ يَجۡمَحُونَ ٥٧

**57. Гьезда батулеб ани нужедаса рорч1ун к1анц1изе бак1 гьел ц1унулеб, гьезие кумек гьабулеб, яги ракьулъ гвендал ратаниги, кьурулъ нохъаби ратаниги, гьел ц1акъ хехго ине ругоан гьеб бак1алде: т1урун унеб боц1иялда релълъун.**

Гьедиг1анги мунапикъзабазе нуж рихарал руго, нуж гьезул раг1абаз, загьираб г1амалалъ, гьересияб гьаялъ гуккизе рук1унге!

وَمِنۡهُم مَّن يَلۡمِزُكَ فِي ٱلصَّدَقَٰتِ فَإِنۡ
أُعۡطُواْ مِنۡهَا رَضُواْ وَإِن لَّمۡ يُعۡطَوۡاْ مِنۡهَآ إِذَا
هُمۡ يَسۡخَطُونَ ٥٨

**58. Гьездаса цо къукъа буго Мух1аммад ﷺ, дур садакъа бикьиялда жидеца г1айиб ч1валел. Жидее гьеб садакъаялдаса цо бут1а кьуни гьеб лъик1аблъун рик1унеб буго, кьеч1ого тани дуда г1айиб ч1валеб буго ва дуда ццимги бахъунеб буго.**

وَلَوۡ أَنَّهُمۡ رَضُواْ مَآ ءَاتَىٰهُمُ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ
وَقَالُواْ حَسۡبُنَا ٱللَّهُ سَيُؤۡتِينَا ٱللَّهُ مِن
فَضۡلِهِۦ وَرَسُولُهُۥٓ إِنَّآ إِلَى ٱللَّهِ رَٰغِبُونَ ٥٩

**59. Гьел мунапикъал рук1аралани Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласги ﷺ кьураб жоялда разилъун рук1унел ва жидецаги абулел: «Нижее г1ей гьабулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, хадубги Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласги ﷺ кьела нижее жиндир рахlматалдаса,. Нижер хьул лъолев ва нижее лъик1лъи щолев Т1адег1анав Аллагь вуго»-абун.**

Гьеб жидее лъик1аб бук1ина ва дунял-ахираталда жидее бахьибуголъиялъе сабабги бук1инаан.

۞إِنَّمَا ٱلصَّدَقَٰتُ لِلۡفُقَرَآءِ وَٱلۡمَسَٰكِينِ
وَٱلۡعَٰمِلِينَ عَلَيۡهَا وَٱلۡمُؤَلَّفَةِ قُلُوبُهُمۡ
وَفِي ٱلرِّقَابِ وَٱلۡغَٰرِمِينَ وَفِي سَبِيلِ
ٱللَّهِ وَٱبۡنِ ٱلسَّبِيلِۖ فَرِيضَةٗ مِّنَ ٱللَّهِۗ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ٦٠

**60.** Паризаяб закат ва гьеб кьолеб бак1 бицун Т1адег1анав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Садакъа жидее кьезе кколел г1адамал руго: мискинзаби, пакъирзаби, закаталда т1ад х1алт1и гьабизе тарал х1алт1ухъабиги, жал исламалда рач1иялда хьул лъурал г1адамалги, лагъзадериеги кьела жал тархъун ине кумек гьабун, жидеда т1ад налъи бугел г1адамазеги,**

**Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гъазават гьабулел г1адамазеги, сапаралда ругел, жидер х1ажалъи бугел г1адамазеги кьела. Гьаб буго Аллагьас ﷻ гьабураб парз ва х1укму. Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца х1укму-тадбир бит1араб гьабулев х1аким.**

Пиризаяб закат ва сах1 жидее кьолел г1адамазул микьго тайпа буго. Т1адег1анав Аллагьас гьел киналго ц1ох1о аяталда жанир баян гьаруна. Гьезул х1ал баян гьаби ва гьезие кьолеб къадар бици пикъгьиялъул масъала бугониги гьаб бак1алда цодагьабго баян бицизе рекъараб буго: бусурманчиясда лъазе кколеб масъала бугелъул паризаяб закаталъул масъала.

1) Мискинчи абула жиндир х1алт1и пиша бугониги, даран-базар бугониги, боц1и-панз бугониги гьеб жиндир х1ажатазе г1ураб къадаралъ гьеч1ев чиясда. Цо-цо г1алимзабаца мисал бачун абула жиндир х1ажатазе нусго гъуруш харж унеб бугони жиндие к1икъоялда анц1го гъурушалдасан т1адехун нусго гъурушалда щвезег1ан гьоркьоблъиялда бугеб къадар камулев чи вуго гьев абун.

2) Пакъирчи абула жиндир х1алт1и гьабизе, даран гьабизе рес гьеч1ев, чорхолъ г1узро бугев ва цогидалги г1узрабаздалъун жиндие х1ажатаб нусго гъурашалъул к1икъоялда анц1гоялдасаги дагьаб гъуруш гурони жинда батинабизе к1оларев чиясда. Гьединго пакъирзаби абула эбел эмен гьеч1ел, жидер боц1и-мал гьеч1ел лъималаздаги, гьабизе х1алт1и щолеб бугониги гьеб х1алт1и гьабизе рес гьеч1ев чиясдаги.

Аллагьасе ﷻ г1оло г1илму ц1алулел мутаг1илзаби пакъираллъун рик1к1уна гьел х1алт1и гьабизе рахъани жидер г1илму ц1али холеб бук1иналъ. Г1илму малъиялда ва лъазабиялда т1ад ч1арав г1алимчиги пакъирав вук1ула: гьесие цоги харж бач1улеб бак1 гьеч1они ва гьесие х1ажатаб жо ч1езе гьабулев чи гьеч1они. Бищунго зах1матаб жо буго гьеб инсанасул х1ажалъи щибаб заманаялъ бат1и-бат1ияб бук1унеб бук1ин ва гьеб шарг1алдаги боцун шарг1ияб х1ажалъи буголъи ч1езаби. Масала цо къавм бугони жидер кваналеб квенги т1ад рет1улеб рет1елги гурони цоги маг1ишат гьеч1еб, гьезул мискинав чи вук1уна гьеб квенги рет1елги г1оларого вугев чи. Гьезул пакъирав чи вук1ина гьеб рет1ел-квен щоларого вугев чи.

Цоги къавм бугони рет1ел квеналда т1адги мина-милк бугел, рокъоб къайи матах1 бугел, бокьоб боц1и бугел. Гьаб къавмалъул мискинчи вук1уна гьезул гьоркьохъев чиясул х1алалда воцун (къияс гьабун, сравнение) гьев гьоркьохъев чиясда жиндир маг1ишат бахунарев. Гьев чи мискинав кин вук1унев абуни гьаб къавмалъул цо-цаде гьабулеб

бухьенги, ригьин ц1аги, цоцазул гьабулеб хьатирги гьезул гьоркьохьев чиясул даражаялда бук1уна, гьелдаса гъоркьехун вугев чиги гьеб къавмалда гьоркьов нахъкъарав, жиндир раг1и г1амалалъул къимат дагь гьабулев вук1уна. Гьедин бугелъул шарг1алъ цо чи жиндие х1ажатаб щинаб жо бугев, жиндир къадро къимат гьабулев вугеб мехалъ, гьесда цадахъ ва аск1ов вугев чиги гьесул даражаялда вук1ине гьавейин абун т1ад къан буго бусурбабада.
Гьадин бугелъул цо чи мискинав вук1ин, яги пакъирав вук1ин хал гьабула гьеб къавмалъул г1аммаб х1ал хал гьабун ва гьеб х1укмо гьабула щибаб росдал ва шагьаралъул г1алимзабаца. Гьаб масъала т1аде бач1арав чияс жиндир закат сах1, шарг1алда бит1ун ккезабизе ях1 бахъизе ккела.
3) Закат-сах1алъул г1адло низам гьабизе, гьеб ц1унизе, закаталъул боц1и хьихьизе ва бикьизе имамас, къадияс, дибирас тарав чиясе гьесул х1алт1ул мухь кьола закаталъул боц1и-малалдасан.
4) Исламалда рак1 гьет1изабизеян абун исламалъул аваладда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо-цо къавмвзул церехъабазе купру-ширкалда ругониги гьаниматалдаса ва закаталдаса бут1а кьолеб бук1ана. Гьеб х1укму гьаб заманаялъ х1алт1изе гьабуларо ва паризаяб закат сах1алдаса бусурман чиясе гурони бут1а кьоларо.
Гьаб ункъабилеб къукъаялъе кьолеб бут1а кьезе бегьула гьанже исламалда рач1арал, жегиги жидер иман камиллъич1ел г1адамазе, гьезул исламияб дин бокьи ц1ик1изе ва гьезда хадур ругел г1адамалги исламалда рач1изе сабаблъун бук1иналъе абун ният гьабун.
5) Лагъзал ругеб мехалъ жидер сайидас лагъ х1алт1изе толеб шарг1ияб х1укму бук1ана т1ад боц1и къот1ун (т1ад налъи лъун цо пуланаб къадар боц1и-малги лъун). Гьел лагъзал тархьи исламалъул мурад бугелъул, паризаяб закат сах1алдаса цо бут1а кьола гьедин х1лт1изе тарав чиясе: жинца гьеб сайидасе кьезе ва жив хехго тархъун х1урияв (узденав) чи лъугьизе. Гьаб х1укму гьанжеги х1алт1изе гьабула гьединал лагъзал ругони.
6) Жидеда т1ад налъи бугел г1адамазеги кьола закат сах1алдаса цо бут1а гьеб налъи борхизе кумек гьабун. г1емерисел г1алимзабаца жинда налъи бугесе закат кьезе бегьила абуна гьеб налъи Аллагьасда ﷻ г1ассилъун, х1арамаб жо гьабун ккараб бугониги, гьеб закат кьолеб ва босулеб заманаялъ жинца тавбо гьабун бугони. Бусурбабазда гьоркьоб маслах1ат гьабун, исламияб жамаг1аталъул г1аммаб х1ажат т1убан жинда налъи ккарав чиясе, гьев бечедав вугониги кьола налъи бец1изе г1ураб къадар.

7) Ибну сабил абула сапаралда ругел г1адамазда. Гьезиеги закаталдаса цо бут1а кьола гьеб закат кьолеб мехалъ гьел росулъ ругони ва жидер х1ажат бицун жидее закаталдаса кьеянги абуни.

8) Сабилуллагь абула Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабулел г1адамазда. Гьезие закаталдаса кьола жидее х1ажатаб жо: ярагъ босизе бугониги, рет1ел-хьит ва т1ад рек1унеб жо босизе бугониги. Жигьад гьеч1еб бак1алда гьаб бут1аялдаса кьола Аллагьасул ﷻ диналда халкъ ах1улел г1адамазе: т1ехь хъвалел, ваг1за-насих1ат т1ад бугел дискал, касетаби рахъулел ва гьелда релълъараб х1алт1и гьабун исламияб дин т1адег1анлъиялъе квербакъи гьабулел г1адамазе.

Закаталъе бахъараб ва бикьулеб боц1имал г1емераб бугони, жидее закат кколезул киназего щвезабила. Дагьаб жо бугони бищунго х1ажат ц1ик1к1аразе кьела. К1ал биччан къоялъ бахъараб сах1 г1адаб дагьаб жо бугони цох1о чиясе кьуниги бегьула.

وَمِنۡهُمُ ٱلَّذِينَ يُؤۡذُونَ ٱلنَّبِيَّ وَيَقُولُونَ هُوَ أُذُنٞۚ قُلۡ أُذُنُ خَيۡرٖ لَّكُمۡ يُؤۡمِنُ بِٱللَّهِ وَيُؤۡمِنُ لِلۡمُؤۡمِنِينَ وَرَحۡمَةٞ لِّلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنكُمۡۚ وَٱلَّذِينَ يُؤۡذُونَ رَسُولَ ٱللَّهِ لَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ٦١

**61. Гьел мунапикъаздаса цо къокъа буго жидер мац1алдалъун аварагасе ﷺ зарал гьабулел. Гьез абулеб буго авараг жинда раг1арабщинаб жоялда божулев, гьеб рит1ухъ гьабулев вуго абун. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, гьев авараг жив божулев вуго ва амма лъик1абги квешабги жо бат1а гьабизе лъалев, бит1араб хабаралда божулев, гьересиялда божуларев вуго. Жинца Аллагьасда ﷻ иман лъурав вуго. Гьединго муъминзабазда божулев, гьез бицараб жоги рит1ухъ гьабулев вуго.**

Гьезул иманалъул рит1ухълъи лъан, гьезул х1ал лъан.

Амма мунапикъаз бицараб жоялда жив г1енеккун вугониги гьеб рит1ухъ гьабун, гьелда божун вук1унаро, гьезул х1ал жинда лъалелъул. **Муъминзабазе рах1матлъунги вуго гьев авараг.** Жидеца иман лъеялъе сабаблъун хирияв авараг ﷺ вук1ун, **жидеца Аллагьасул расуласе ﷺ зарал гьабулел г1адамазе бук1ине буго ц1акъ квешаб г1азаб.** Алагьасул х1икматалдалъун дунялалъул рокъор къват1ир ч1вазарич1ого тунилан Т1адег1анав Аллагь ва гьесул расул ﷺ мунапикъзабиги гьезул х1алги лъаларого гьеч1о.

يَحۡلِفُونَ بِٱللَّهِ لَكُمۡ لِيُرۡضُوكُمۡ وَٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥٓ أَحَقُّ أَن يُرۡضُوهُ إِن كَانُواْ مُؤۡمِنِينَ ٦٢

**62. Аллагьасул ﷻ ц1ар бахъун нужее гьедарулел руго гьел мунапикъзаби, нуж рази гьари бокьун, амма Т1адег1анав Аллагьги, гьесул расулги ﷺ вуго**

**жал рази гьаризе кколел.**

Гьезие мут1иг1лъун, гьезул амру-нагью т1убан, аварагасул ﷺ амру к1одо гьабун. **Гьел г1адамал иман лъурал ругони,** гьез Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулги ﷺ рази гьаризе ккола, хадуб муъминзабиги рази гьаризе ккола.

**63. Гьазда лъаларогойищ бугеб Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласдаги ﷺ тушманлъи гьабурал, гьезда данде къецандарал г1адамазе абадияб жужах1алъул ц1а бук1ин ва гьенир жанир даимго рук1инелъун лъугьинарулеблъиги. Гьаб буго ц1акъ к1удияб г1одобег1анлъи ва х1акъирлъи.**

أَلَمْ يَعْلَمُوٓا۟ أَنَّهُۥ مَن يُحَادِدِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ
فَأَنَّ لَهُۥ نَارَ جَهَنَّمَ خَـٰلِدًا فِيهَا ۚ
ذَٰلِكَ ٱلْخِزْىُ ٱلْعَظِيمُ ﴿٦٣﴾

**64. Мунапикъзаби х1инкъунги рук1ула жидер х1ал бицун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръан решт1инабиладай ва жидер рек1елъ бугеб нипакъ г1адамазе загьирлъиладай абун. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нуж рук1а Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин махсароде гьабулел абун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ загьир гьабизе буго нуж жиндасан х1инкъун ругеб жо.**

يَحْذَرُ ٱلْمُنَـٰفِقُونَ أَن تُنَزَّلَ عَلَيْهِمْ
سُورَةٌ تُنَبِّئُهُم بِمَا فِى قُلُوبِهِمْ ۚ قُلِ ٱسْتَهْزِءُوٓا۟
إِنَّ ٱللَّهَ مُخْرِجٌ مَّا تَحْذَرُونَ ﴿٦٤﴾

Нужер нипакъ ва муъминзабазда бугеб тушманлъи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ загьир гьабизе буго ва гьелдалъун нужее г1одорег1анлъиги щвезе буго.

**65. Дуца гьезда гьикъани щай нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналдаса хабар бицунеб абун, гьез абизе буго ниж гьадинго хабар бицунел, рек1ел гьей гьабулел рук1анин абун. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нуж Аллагьасдалъун, гьесул Къуръаналдалъунги, гьесул расуласдалъунги ﷺ рек1ел гьей гьабулелищ ругел, гьел махсароде гьарулел харбалги рицун?-абун.**

وَلَئِن سَأَلْتَهُمْ لَيَقُولُنَّ إِنَّمَا كُنَّا
نَخُوضُ وَنَلْعَبُ ۚ قُلْ أَبِٱللَّهِ وَءَايَـٰتِهِۦ
وَرَسُولِهِۦ كُنتُمْ تَسْتَهْزِءُونَ ﴿٦٥﴾

**66. Нужеца гьанже г1узраби рачуге! Нуж руго иман лъун рук1ун хадур капурлъарал г1адамал.** Гьересиял гьаялги гьедун нуж гаргаданиги щибго гьелъ нужее мунпаг1ат гьабиларо.

لَا تَعْتَذِرُوا۟ قَدْ كَفَرْتُم بَعْدَ إِيمَـٰنِكُمْ ۚ إِن
نَّعْفُ عَن طَآئِفَةٍ مِّنكُمْ نُعَذِّبْ طَآئِفَةًۢ
بِأَنَّهُمْ كَانُوا۟ مُجْرِمِينَ ﴿٦٦﴾

**Нужер цо къокъа жидеда т1аса лъугьун таниги: жидеца тавбо гьабурал ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бац1ц1адаб дин гьабиялда руссарал, цогидаб къокъаялъе г1азаб гьабила. Гьеб къокъа жидерго**

**нипакъалдалги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъиялдаги т1ад ч1ей сабаблъун**.

ٱلْمُنَٰفِقُونَ وَٱلْمُنَٰفِقَٰتُ بَعْضُهُم مِّنۢ
بَعْضٍ ۚ يَأْمُرُونَ بِٱلْمُنكَرِ
وَيَنْهَوْنَ عَنِ ٱلْمَعْرُوفِ وَيَقْبِضُونَ
أَيْدِيَهُمْ ۚ نَسُوا۟ ٱللَّهَ فَنَسِيَهُمْ ۗ إِنَّ
ٱلْمُنَٰفِقِينَ هُمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ٦٧

**67. Киналго мунапикъзаби: бихьиналги руччабиги цоцазул гьудулзаби руго,** цоцалъе рекъаралги руго жидер нипакъалъулъ ва иманалдасан рик1к1алъиялъулъ. **Квешаб жоялдалъун жидеца амру гьабулел руго ва лъик1аб жо гьабиялдаса жидеца г1адамал нахъч1валелги руго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло напакъа кьеялдаса жидеца кверал ккурал (гьеб кьоларел) руго. Гьезда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ к1очана ва** гьесие мут1иг1лъи ва г1ибадат гьаби тана. **Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьелги к1очана ва жидер къосиналъулъ тана,** жиндир рах1маталдаса рат1а гьаруна. **Х1акълъунго мунапикъзаби руго Аллагьасе мут1иг1лъиялдаса рахъарал пасикъзаби.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъиялъулъ ва къосиналъулъ жал т1ерхьун ругел г1адамал.

وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱلْمُنَٰفِقَٰتِ
وَٱلْكُفَّارَ نَارَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۚ
هِىَ حَسْبُهُمْ ۚ وَلَعَنَهُمُ ٱللَّهُ ۖ وَلَهُمْ
عَذَابٌ مُّقِيمٌ ٦٨

**68. Т1адег1анав Аллагьас къот1и гьабун буго мунапикъал бихьиназеги, руччабазеги, гьединго киналго капурзабазеги жужах1алъул ц1а бук1ине бугилан ва гьел даимго гьенир жанир рук1ине ругилан. Гьезие г1ураб г1азаб буго гьеб жужах1алъул г1азаб** ва гьелдаса ц1ик1к1араб цоги г1азаб гьеч1о. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел рик1к1ад гьаруна жиндир рах1маталдаса ва гьел даимго жужах1алда жанир рук1унеб г1азабги буго гьезие.**

كَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ كَانُوٓا۟ أَشَدَّ مِنكُمْ قُوَّةً
وَأَكْثَرَ أَمْوَٰلًا وَأَوْلَٰدًا فَٱسْتَمْتَعُوا۟
بِخَلَٰقِهِمْ فَٱسْتَمْتَعْتُم بِخَلَٰقِكُمْ
كَمَا ٱسْتَمْتَعَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُم
بِخَلَٰقِهِمْ وَخُضْتُمْ كَٱلَّذِى خَاضُوٓا۟ ۚ
أُو۟لَٰٓئِكَ حَبِطَتْ أَعْمَٰلُهُمْ فِى ٱلدُّنْيَا
وَٱلْءَاخِرَةِ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ٦٩

**69. Нужедаса цере рук1арал умматазул капурзабазда релълъун буго, я гьал мунапикъзаби, нужер х1ал. Гьел рук1ана нужедасаги маг1ишат, лъимал-хъизан г1емерал ва жидер чурхдул къуватал.**
Гьедин бугониги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел гьалаг гьаруна. Гьазда щвараб г1адаб гьалаглъи нужеда щвеялдаса х1инкъа нуж. **Гьел цересел капурзабаз дунялалъул лазатал росана жидее**

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къадар гьабураб х1алалъ. Нужецаги дунялалъул лазат босана дол цересез босараб г1адин. Дол цересел капурзабиго г1адин нужги лъугьана бат1улаб жоялъулъ ва къосиналъулъ. Гьел капурал ва мунапикъал г1адамал руго жидер г1амалал дунялалда ва ахираталда г1адада хварал** ва ахираталда жидее жужах1 бугел. **Гьел г1адамал руго т1убанго ч1орого хут1арал ва бахьикъосарал.**

أَلَمْ يَأْتِهِمْ نَبَأُ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ قَوْمِ نُوحٍ وَعَادٍ وَثَمُودَ وَقَوْمِ إِبْرَٰهِيمَ وَأَصْحَٰبِ مَدْيَنَ وَٱلْمُؤْتَفِكَٰتِ أَتَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَٰكِن كَانُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Гьазухъе бач1инч1ищ жидеда цере рук1арал умматазул къиссаби: Нух1ил къавмалъул, Г1адилазул, Самудазул, Ибрагьимил къавмалъул, Мадяналъул агьлоялъул, Лут1ил къавмалъул.**
Кин гьел Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъарал ва кинаб бат1и-бат1ияб г1азаб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее гьабурабги. Гьелъул пикру кин гьабулареб ва Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъун тавбо гьабун щай руссунарел.
**Гьел умматазухъ жидер аварагазаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рач1ана Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан х1акъал х1ужаби ва муг1жизатал росун,** амма гьез гьел гьереси гьаруна. **Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуголъич1о жинца зулму гьабулевлъун ва щибго сабаб гьеч1ого жиндир лагъзадерида г1азаб биччалевги. Кинниги гьел умматал жалго руголъана жидерго напсазе зулму гьабуралльун.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккуна, аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мут1иг1лъич1о, ракьалда пасалъаби ва г1асилъаби гьаруна. Гьал мунапикъал ва капурал г1адамал сунда божун ругел ва гьел кин х1инкъуларел Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъизе. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъи жидеда щвараб мехалъ гьезие хвасарлъи бук1ине гьеч1олъи х1акъаб буго.

وَٱلْمُؤْمِنُونَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ يَأْمُرُونَ بِٱلْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَيُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤْتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَيُطِيعُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ أُو۟لَٰٓئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ ٱللَّهُ إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٧١﴾

**71. Муъминал бихьинал ва муъминал руччаби цоял цоязе вализаби руго.** Гьудулзаби руго, цоцазе квербакъулелги руго. **Жидеца лъик1алдалъун амру гьабулел, квешалдаса нагью гьабулелги руго. Жидеца паризаял какал ралел ва паризаяб закат кьолел руго. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расуласе** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **мут1иг1алги руго. Гьал муъминзаби руго жидеда ахираталда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурх1улел.**

Т1адег1анав Аллагьас гьал муъминзаби жиндир нигl1матазул алжаналъуре лъугьинарула. **Х1акълъунго Аллагь вуго жив гучав, кинавбго жоялдаса жив бергьунев ва жиндаса щивго бергьунарев. Жинца гьабулеб жоялъул г1адло бит1арав х1икмат камилавги вуго.**

وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا وَمَسَٰكِنَ طَيِّبَةً فِى جَنَّٰتِ عَدْنٍ ۚ وَرِضْوَٰنٌ مِّنَ ٱللَّهِ أَكْبَرُ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿٧٢﴾

**72. Т1адег1анав Аллагьас къот1и гьабун буго киналго муъминзабазе: бихьиназе ва руччабазе алжанал рук1ине ругин, жидеда жанисан г1орал чвахулел, даимго рук1инелъун гьел алжаналъуре лъугьинарула. Лъик1ал, берцинал, лазатал жанир ч1олел бак1алги руго гьел алжаназулъ. Гьаб киналдасаго к1удияб, жинда хьул лъолеб жо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъиги буго. Гьаб буго ц1акъ к1удияб бахьибуголъиялда ва хиралъиялда кверщел бати.**

Гьаб т1адехун бугеб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъиялдаса мурад буго хирияв Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гьумер ва зат жиндие рокьарал муъминзабазе загьир гьаби. Т1адег1анав Аллагьас жиндир гьумер жидее загьир гьабурал муъминзаби, кинабго жо к1очон, кидадай гьеб гьумер гьанжеги загьирлъилаян г1ашикълъун хут1ула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго:
*«Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вихьиялдаги ва гьел муъминзабаздаги гьоркьоб бугеб жо бук1уна цох1о Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ к1одолъиялъул пардав»*-абун. Ай:Т1адег1анав Аллагьас жиндие бокьараб мехалъ згьир гьабула муъминзабазе жиндир гьумер. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Муслимица ва Бухарияс бицараб машгьураб х1адисалдаги буго: *«Т1адег1анав Аллагьас алжаналъул агьлуялда абула: Я гьаб алжаналъул агьлу- абун. гьез жаваб гьабула «Лаббайка я нижер Бет1ергьан» абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абула: «Нуж рази ругищ гьаб ажруялда»- абун. Жидеца абула: «Кин ниж разилъуларел я Бет1ергьан, дуца нижее кьунги бук1адго щивго чиясе кьеч1еб г1емераб ажру ва к1одолъи» абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абула: «Гьелдасаги лъик1аб жо кьелишха дица нужее?»- абун. Гьез абула: «Я нижер Бет1ергьан! Щиб жо бугеб гьалдасаги лъик1аб?»- абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абула: «Дица нужеда дун разилъи решт1изабила, цинги дир нужеда ццимги бахъунаро гьелдасан хадуб кидаго»*-абун.

Гьединабго машгьураб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Алжаналда жаниб буго нусго бат1ияб даража, щибалда гьоркьоб зоб-ракьалда гьоркьобг1ан манзил бугеб ва жибги Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабурал мужагьидазе х1адур бугеб. Нужеца Аллагьасда ﷻ алжан гьаруле мехалъ Фирдавс алжан гьаре. Гьеб буго алжаназул бищунго т1адег1анаб ва гьоркьоб бак1алда бугеб. Гьелдаса байбихьула алжаназул г1орал (цогидал алжаназда чвахулел). Гьеб алжаналда т1ад буго Аллагьасул г1арщ»*- абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ جَٰهِدِ ٱلْكُفَّارَ وَٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱغْلُظْ عَلَيْهِمْ ۚ وَمَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٧٣﴾

**73. Я гьав бичасул авараг ﷺ! Дуца жигьад гьабе капурал ва мунапикъал г1адамазда. Дуца гьезие къуваталда ч1ван, х1инкъизарун, лъутизарун, х1ал гьабе, гуч гьабе. Гьезул ахир руссулеб бак1 жужах1 буго. Гьеб ц1акъ квешаб бак1 буго жинда жанир руссине.**

يَحْلِفُونَ بِٱللَّهِ مَا قَالُوا۟ وَلَقَدْ قَالُوا۟ كَلِمَةَ ٱلْكُفْرِ وَكَفَرُوا۟ بَعْدَ إِسْلَٰمِهِمْ وَهَمُّوا۟ بِمَا لَمْ يَنَالُوا۟ ۚ وَمَا نَقَمُوٓا۟ إِلَّآ أَنْ أَغْنَىٰهُمُ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ مِن فَضْلِهِۦ ۚ فَإِن يَتُوبُوا۟ يَكُ خَيْرًا لَّهُمْ ۖ وَإِن يَتَوَلَّوْا۟ يُعَذِّبْهُمُ ٱللَّهُ عَذَابًا أَلِيمًا فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ ۚ وَمَا لَهُمْ فِى ٱلْأَرْضِ مِن وَلِىٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿٧٤﴾

**74. Аллагьасул ﷻ ц1ар бахъун жал гьедулел руго жидеца капурлъулел раг1аби абич1ин, гьез гьел раг1абиги абун рук1аго. Жидеца ислам къабул гьабун хадуб ц1идасан купруги загьир гьабуна ва гьез къасд гьабуна жидер х1ал к1олареб жо гьабизе.**

Табукалдаса нахъ руссун хадур мунапикъазул цо къокъа ургъун бук1ана жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ч1вазе абун. гьезул анц1ила ич1го чи вук1ана.

Къатадатица абуна гьаб аят решт1инабунин Г1абдуллагь ибну Салул абулев мунапикъасул х1акъалъулъ. К1иго чи цоцалъ рагъулел рук1ана: цо ансарияв вук1ана, цояв. Жугьанияв вук1ана. Жугьанияс г1одовлъун ансарияв гъокье ккезавураб мехалъ, Ибнусалулица абуна: гьанже дур ваццас квер бакъулеб гьеч1о гурищ?-абун. Гьелъул маг1на бук1ана Мух1аммад аварагас ﷺ квербакъулеб гьеч1о гурищ абураб. Гьаб хабар аварагасде ﷺ щведал ва Ибнусалулида гьикъидал щай гьаб раг1и абураб абун, гьев Аллагьасул ﷻ ц1ар бахъун гьедана жинца гьеб раг1и абич1ин абун. Цоги гьав Ибнусалулица абун бук1ана: «Ниж сах-саламат Мадинаялда щванани, гьенисан лъик1аз квешал къват1ире къот1изе ругоян»- абунги. Ай мунапикъаз хирияв аварагги ﷺ гьесул асх1абзабиги къват1ире къот1изе руго абун.

**Гьал мунапикъазда щибго аварагасдаса ﷺ бихьараб квешлъиги букIинчIо, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIобалдалъун гьесги, гьесул расуласги ﷺ гьел бечед гьарун рукIин гуреб.** Муъминзабазул ва исламалъул баракат ва бахьибуголъи щун букIана Мадинаялъул агьлуялъе.

**Жедеца тавбо гьабуни гьезие лъикI букIина. Тавбоги гьабичIого аварагасда ﷺ данде хIилла-макро гьабизе ургъулел ругони Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие квешаб гIазаб гьабила дунялалдаги ахираталдаги. Гьаб ракьалда тIад гьезиеги гьечIо жинца гьезул амру тIаде босулев, гьеб тIобалев вали ва жинца квербакъулев чи.** Дунялалъул гIазабалдаса гьел хвасар гьарулев чи гьечIо, ахираталъул гIазабалдаса гьел цIунулев чиги гьечIо.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витIана ункъго хвалченги босун.

<u>Цо хвалчен буго</u>: мушриказе: «Рагъ хIарам гьабурал моцIал аралго нужеца мушрикал чIвай-абураб.

<u>КIиабилеб хвалчен буго</u>: китабияб агьлуялъул капурзабазе: нужеца рагъ бай-Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ, ахираталдаги иман лъоларел-гIадамазда абураб.

<u>Лъабабилеб хвалчен буго</u>: мунапикъазе: нужеца жигьад гьабе мунапикъазда ва капуразда-абураб.

<u>Ункъабилеб хвалчен буго</u>: бугъатазе (имамасда данде рахъарал гIадамал): нужеца бугъатазда рагъ бай, гьел Аллагьасул амруялда руссинегIан-абураб. Ай ункъо аят буго ункъо батIияб къокъаялда рагъ баян амру гьабулеб.

**75. Гьел мунапикъаздаса руго жидеца къотIи гьабурал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижее боцIи кьуни нижеца гьеб садакъаде кьела ва нижги лъикIал гIадамаздаса рукIилин абун.**

۞ وَمِنْهُم مَّنْ عَٰهَدَ ٱللَّهَ لَئِنْ ءَاتَىٰنَا مِن
فَضْلِهِۦ لَنَصَّدَّقَنَّ وَلَنَكُونَنَّ مِنَ
ٱلصَّٰلِحِينَ ٧٥

**76. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир цIобалдалъун боцIи кьураб мехалъ жал гьелда бахиллъарал, закат-сахI кьечIел ва жал диналдаса руссун чIарал, къотIи тIубаялдасаги мугъ барал.**

فَلَمَّآ ءَاتَىٰهُم مِّن فَضْلِهِۦ بَخِلُوا۟ بِهِۦ
وَتَوَلَّوا۟ وَّهُم مُّعْرِضُونَ ٧٦

**77. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул ракIазулъ нипакъ гьабуна къиямасеб къо щвезегIан тIаса унареб, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб къотIи хвезаби**

فَأَعْقَبَهُمْ نِفَاقًا فِى قُلُوبِهِمْ إِلَىٰ يَوْمِ يَلْقَوْنَهُۥ
بِمَآ أَخْلَفُوا۟ ٱللَّهَ مَا وَعَدُوهُ وَبِمَا كَانُوا۟
يَكْذِبُونَ ٧٧

**сабаблъун ва гьез гьереси бицин сабаблъунги.**

أَلَمۡ يَعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُ سِرَّهُمۡ
وَنَجۡوَىٰهُمۡ وَأَنَّ ٱللَّهَ عَلَّٰمُ ٱلۡغُيُوبِ ٧٨

**78. Гьал мунапикъазда лъаларищ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин жинда гьезул балъгояб, рек1елъ бугеб жоги лъалев, жидеца цоцаде шурун бицулеб жоги лъалев. Х1акълъунго Аллагь жинда нилъер беразда бихьулареб, г1иналда раг1улареб, ццебехун бук1араб ва нахъа бук1инесебги жо лъалев вуго.**

ٱلَّذِينَ يَلۡمِزُونَ ٱلۡمُطَّوِّعِينَ مِنَ
ٱلۡمُؤۡمِنِينَ فِي ٱلصَّدَقَٰتِ وَٱلَّذِينَ لَا
يَجِدُونَ إِلَّا جُهۡدَهُمۡ فَيَسۡخَرُونَ مِنۡهُمۡ
سَخِرَ ٱللَّهُ مِنۡهُمۡ وَلَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٧٩

**79. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун жидеца садакъа кьолел муъминзабадехун жидеца г1айибал ч1валел г1адамал: жидер рес рекъараб, дагьаб жо бугониги гьеб садакъаде кьолездаги г1айиб ч1валел ва гьезда т1ад релъун махсаро гьабулел,- гьал г1адамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел г1одорег1ан гьарулеб махсаро гьабизе буго ва гьезие ахираталда ц1акъ унтизабулеб г1азаб бук1ине буго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса бицана: жинда Аллагь разилъаяв Г1абдурах1ман ибну Г1авф вач1ана аварагасухъе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ к1икъого меседил укъиятги босун (цо килаграмги бащадабги). Цо Ансариявги вач1ана чамастакил цо сах1 босун. Цинги мунапикъазул цо къокъаялъ абуна: «Гьев Г1абдурах1ман вуго рияалъе, реццалъе месед кьолев чи» абун. Жинца чамастак босун вач1арав ансариясул х1акъалъулъги гьез абуна: «Гьаб цо сах1 чамастак Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул расуласеги щиб гьабизе къвариг1араб жо бугеб»-абун. Гьал мунапикъазул х1акъалъулъ решт1инабуна гьаб цебе хъвараб аят.

ٱسۡتَغۡفِرۡ لَهُمۡ أَوۡ لَا تَسۡتَغۡفِرۡ لَهُمۡ إِن تَسۡتَغۡفِرۡ
لَهُمۡ سَبۡعِينَ مَرَّةٗ فَلَن يَغۡفِرَ ٱللَّهُ لَهُمۡۚ ذَٰلِكَ
بِأَنَّهُمۡ كَفَرُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦۗ وَٱللَّهُ
لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلۡفَٰسِقِينَ ٨٠

**80. Дуца гьезул мунагьал чури т1алаб гьабуниги Мух1ммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, т1алаб гьабич1ониги щибго бат1алъи гьеч1о. Лъабкъоялда анц1го нухалъ (ай г1емер нухалъ) дуца гьезул мунагьал чури т1алаб гьабуниги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьездаса т1аса лъугьинаро. Гьел руго Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул расуласдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ инкар ккурал г1адамал.**

Жидер гьеб инкар кквейги ц1акъ къабих1аб буго: т1аса жал бусурбаби ругин абулел, жанисан рак1аз инкарги ккурал. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бит1араб нухда т1обит1уларо гьединаб пасикъаб къавм,** гьезие тавбо гьабизе

тавпикъ гьабуларо, бахьибуголъиялдаги рачунаро.

فَرِحَ ٱلۡمُخَلَّفُونَ بِمَقۡعَدِهِمۡ خِلَٰفَ رَسُولِ ٱللَّهِ
وَكَرِهُوٓاْ أَن يُجَٰهِدُواْ بِأَمۡوَٰلِهِمۡ وَأَنفُسِهِمۡ
فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَقَالُواْ لَا تَنفِرُواْ فِي ٱلۡحَرِّۗ قُلۡ
نَارُ جَهَنَّمَ أَشَدُّ حَرّٗاۚ لَّوۡ كَانُواْ يَفۡقَهُونَ ٨١

**81. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ Табукалъул гъазаваталда инч1ого рокъор ч1арал мунапикъзаби гьеб ишалдасан роххун руго. Гьезие рихулебги буго, бокьун гьеч1о, Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабизе жидер напсаздалъун ва боц1и-малалдалъун** гьез иман лъун гьеч1елъул, рагъде рахъине, гьениб къварилъи бихьизе, боц1и-мал хвезабизе бокьулеб гьеч1о.

**Гьез абулеб буго гьаб баг1арараб, бух1араб заманалъ гъазават гьабизе унге абун. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, жужах1алъул ц1аялъул бух1и ва баг1ари ц1акъго ц1ик1араб буго абун. Жидеда гьеб жо бич1ч1улеб бук1араб ани гьел авараггун ﷺ цадахъ гъазаваталде рахъинаан.** Ва дагьаб заманалъ бук1унеб дунялалъул бух1иги къварилъиги х1exьелаан абадияб ахираталъул алжаналъул ниг1матазда хьул лъун ва жужах1алдаса х1инкъун. Гьал г1адамал ц1акъ ах1макъал руго. Гьазул мисал буго ц1адалдаса лъутун гомгикье лъугьаразул, салул бух1и х1exьеч1ого ц1адаре к1анц1аразулги.

فَلۡيَضۡحَكُواْ قَلِيلٗا وَلۡيَبۡكُواْ كَثِيرٗا جَزَآءَۢ بِمَا
كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ٨٢

**82. Гьел роххун, релъун, рак1 гъун рук1а абе дагьабго заманаялъ, амма хадур жал г1одизе руго г1емераб заманаялъ гьаб дунялалда жидеца гьабураб купру-ширкалъул жазаъ ч1амулаго.**

فَإِن رَّجَعَكَ ٱللَّهُ إِلَىٰ طَآئِفَةٖ مِّنۡهُمۡ
فَٱسۡتَـٔۡذَنُوكَ لِلۡخُرُوجِ فَقُل لَّن تَخۡرُجُواْ مَعِيَ
أَبَدٗا وَلَن تُقَٰتِلُواْ مَعِيَ عَدُوًّاۖ إِنَّكُمۡ رَضِيتُم
بِٱلۡقُعُودِ أَوَّلَ مَرَّةٖ فَٱقۡعُدُواْ مَعَ ٱلۡخَٰلِفِينَ ٨٣

**83. Т1адег1анав Аллагьас мун гьаб гъазаваталдаса т1ад вуссинавун гьел мунапикъазде аск1ов щвараб мехалъ, гьез дуда гьарани жал цадахъ рахъине изно кье абун, цоги нухалъ мун гъазаваталда вахъунеб мехалъ, дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нуж кидаго рахъунге дунгун цадахъ гъазават гьабизе ва нужеца кидаго Аллагьасул ﷻ тушбабазда рагъги баларо дунгун цадахъ рахъун.**

Нужее гьеб хиралъи бук1ине гьеч1о ва нуж гьелдаса мах1румлъарал руго. **Нужеда амру гьабураб мехалъ Табукалъул гъазаваталда рахъаян абун, нужее бокьана рукъор г1одор ч1ун ч1езе. Гьанже**

**нуж г1одорч1ун рук1а руччабигун ва лъималгун цадахъ»-абун.** Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гъазават гьабулел муъминзаби руго х1акъикъиял бах1арзал, гьелгун цадахъ гьабила дица гъазават. Нуж руго ц1уял, х1алихьатал г1адамал, нуж руччабазда ва лъималазда цадахъ рук1а, гьеб буго нужер макъам.

وَلَا تُصَلِّ عَلَىٰٓ أَحَدٍ مِّنۡهُم مَّاتَ أَبَدٗا وَلَا تَقُمۡ عَلَىٰ قَبۡرِهِۦٓۖ إِنَّهُمۡ كَفَرُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَمَاتُواْ وَهُمۡ فَٰسِقُونَ ﴿٨٤﴾

**84. Дуца как баге Мух1аммад ﷺ гьел мунапикъазул цониги хварав чиясда, мун гьезул хабазда аск1ов вахъунги ч1оге. Гьел г1адамал руго жидеца Аллагьасдаги ﷻ, гьесул расуласдаги ﷺ иман лъеч1ел, Аллагьасда ﷻ г1асилъун ва пасикъаллъун хваралги руго.**

Гьаб аят решт1инабуна Ибнусалул абулев чиясул х1акъалъулъ. Жидеда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица Г1умар асх1абасдаса бицараб х1адисалъулъ буго: *«Убайил Г1абдуллагь (Ибнуслул) хвараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагах1ана гьесда жаназаялъул как базе. Как базе абун аварагﷺ вахъун ч1араб мехалъ дун гьасда цеве ч1ана ва дица абуна: «гьав Аллагьасул тушманасда какиш дуца балеб?»-абун ва гьесул г1емерал х1алихьатал ишал рицана. Дун г1емер к1алъадал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: (живги гьимун): мун цевеса нахъе а Г1умар! Аллагьас ﷻ дие ихтияр кьун буго дица гьезул мунагьал чури т1алаб гьабизе. Дида лъалеб ани дица мунагьал чури т1алаб гьабун Аллагь ﷻ гьездаса т1аса лъугьулевлъи, дица ц1акъ г1емер гьарилаан Аллагьасда ﷻ»-абун.*
*Цинги какги бана, хабадеги ана ва гьенив вахъунги ч1ана. Дун ц1акъ г1ажаиблъана дица адаб хвараб жо киндай гьабураб абун. Валлагьи, гьоркьоб заманго инч1ого Аллагьас ﷻ гьаб аят решт1инабуна ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас т1ок1аб бач1о мунапикъазда как, гьезул хабадаги инч1о»*- абун. (х1адис дагьаб къокъ гьабуна). Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жидеда Аллагь разилъаял имам Ах1мадица Жабир асх1абасдаса бицараб х1адислда буго:
*«Г1абдуллагь ибну Убай хвараб мехалъ гьесул вас вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва жинца абуна: «Я расулаллагь! Мун нижехъе вач1инч1они нижее абадиялъго нич бук1ине буго»-абун. цинги аварагﷺ гьезухъе ана, гьев Г1абдуллагьил жаназаялда жиндир гордеги рет1ана, гьесда жаназаялъул какги бана, гьесул хабалда аск1овги ч1ана»*-абун. (х1адис къокъ гьабуна).

Гьаб аят решт1инабун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас

цо чи хвана абураб мехалъ гьесул х1ал ц1ехолеб бук1ана ва гьев мунапикъаздаса чи ватани гьесухъе унев вук1инч1о, муъминчи вугони гьенив ун как бан, хабалалъ ун хабалда аск1ов дуг1а гьабулеб бук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хун хадуб жидеда Аллагь разилъаял асх1абзабазги гьедин гьабулеб бук1ана.

Жинда Аллагь разилъаяв Х1узайфат асх1абасда аварагас ﷺ мунапикъазул ц1арал рицун рук1ана, гьедин бугелъул Х1узайфатида абулаан: «Аварагасул ﷺ балъголъи лъалев чи» абун. Цо чи хвараб мехалъ асх1абзабаца Х1узайфатида гьикъулаан гьав чи вугиш мунапикъ абун. «Вуго» абуни гьесда как базе ва гьев хабалъ лъезе унароан.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас гьев Х1узуйпатихъе вач1ун абулеб бук1ана: «Я Х1узайфат, дица Аллагьасул ц1аралдалъун гьарулеб буго дуда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дун рик1к1аниш мунапикъалгун цадахъ»- абун. Гьаб буго Аллагьасдасан جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъиялъе, жиндир напс г1одобег1ан гьабиялъе жинда цоги инсан вахулареб т1адег1анаб макъам. Алжаналъул рохел бицарав Г1умар асх1аб х1инкъараб мехалъ жив мунапикъ вугодай абун, нилъеца щиб жо абилеб ва щиб жо гьабилеб?

Ибнухат1ибица абуна: Т1адег1анав Аллагьас муъминзабазда лъазабуна капурзабазда жаназаялъул как баге абун. Гьеб как муъминзабазул хварав чиясда базе паризаяб буго, гьев чи лъик1ав вугониги, квешав вугониги, жал бугъатал гьеч1они (имамасда данде рахъарал) ц1акъго къосарал, шарг1алдаса рахъарал г1амалал гьарулел чаг1иги гьеч1они. Шагьидлъун хварасда баларо как, гьесул жаназаги чуруларо: гьесда т1ад бугеб биги, чороклъиги бугеб х1алалъ тола. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев къиямасеб къоялъ гьеб х1алалда т1адеги вахъинавула: гьев хира гьавун ва гьесул дунялалда бук1араб макъам халкъалда загьир гьабун.

Хварав чиясда как баялдаса мурад буго мунагьал чури гьарун. гьесие дуг1а гьаби. Гьав шагьид жиндир мунагьал чурарав, жиндие алжаналъул рохел бицарав вугелъул, бач1ого тола гьесда жаназаялъул как»-абун.

Унтарасда ваккизе ин, хварав чи чури гьесда мусру бан х1адури, хадуб жаназалъул как бай, хабалазулъ воси гьенив вукъи, хадубги гьесул хобалда аск1ор ч1ун дуг1а гьаби гьесда т1аса лъугьи гьарун ва мункар накирасе жаваб кьезе тавпикъ гьабе абун. Гьал киналго умурал руго муъминзабаца цоцае гьаризе кколел ва гьел гьарияилдалъун жидее г1емераб ажро-даражаги щолел.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазул рак1ал цоцалъ рекъезареги ва Аллагь

ﷻ гьезда гурх1аги.

وَلَا تُعۡجِبۡكَ أَمۡوَٰلُهُمۡ وَأَوۡلَٰدُهُمۡۚ إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ
أَن يُعَذِّبَهُم بِهَا فِي ٱلدُّنۡيَا وَتَزۡهَقَ أَنفُسُهُمۡ
وَهُمۡ كَٰفِرُونَ ٨٥

**85. Мун г1ажаиб гьавуге Мух1аммад ﷺ, Аллагьасул тушбабазе кьун бугеб боц1и-малалъ, гьезул васал-хъизаналъги. Х1акълъунго Аллагьасе ﷻ бокьун бук1ула гьезие гьеб кинабго жо дунялалъул г1азаблъун ва къварилъилъун сверизабизе, цинги гьел жидер купру-ширкалдаго хвезарун ахираталдаги гьезие абадияб жужах1алъул г1азаб гьабизе.**

وَإِذَآ أُنزِلَتۡ سُورَةٌ أَنۡ ءَامِنُواْ بِٱللَّهِ وَجَٰهِدُواْ
مَعَ رَسُولِهِ ٱسۡتَـٔۡذَنَكَ أُوْلُواْ ٱلطَّوۡلِ مِنۡهُمۡ
وَقَالُواْ ذَرۡنَا نَكُن مَّعَ ٱلۡقَٰعِدِينَ ٨٦

**86. Аллагьас ﷻ сурат решт1инабураб мехалъ нужеца Аллагьасда ﷻ иман лъе ва гьесул расулгун ﷺ цадахъ рахъун жигьадги гьабе абун, гьел мунапикъазул рес-мах1ал бугел, сахал г1адамаз дуда абуна нижее рокъор ч1езе изно кье абун. Ниж** руччаби лъималгун херал, беццал, **заг1ипал г1адамалгун цадахъ рокъор те абун.**

رَضُواْ بِأَن يَكُونُواْ مَعَ ٱلۡخَوَالِفِ وَطُبِعَ عَلَىٰ
قُلُوبِهِمۡ فَهُمۡ لَا يَفۡقَهُونَ ٨٧

**87. Гьел сахал бихьинал разилъулел руго гьал заг1ипал г1адамалгун цадахъ рокъор ч1езе. Гьезул рак1азда жагьлуялъул мугьро ч1ван буго ва жидеда бич1улеб гьеч1о Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гъазават гьабиялъул ажро, гьенир рахъич1ого ч1аразе бук1инесеб г1азабги.**

لَٰكِنِ ٱلرَّسُولُ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَعَهُۥ
جَٰهَدُواْ بِأَمۡوَٰلِهِمۡ وَأَنفُسِهِمۡۚ وَأُوْلَٰٓئِكَ
لَهُمُ ٱلۡخَيۡرَٰتُۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٨٨

**88.** Гьал мунапикъзаби рокъор ч1унилан Аллагьасул ﷻ диналъе щибго зарал бук1унаро. **Кинниги хирияв аварагас ﷺ ва муъминзабаца Аллагьасе ﷻ г1оло жигьад гьабуна жидер боц1и-малалдалъун ва жидер напсаздалъун.** Гьал руго жидер ният бац1адал, иман камилал г1адамал, **гьезие буго г1емераб лъик1лъи:** дунялалъул рокъоб тушманасда т1ад бергьин, гъанимат щвей Аллагьасул ﷻ дин цебехун ин. Ахираталда Аллагь разилъи ва алжаназул ниг1маталги. **Гьал г1адамал руго жидер дунял ахираталъул бахьибуголъиялда кверщел**

**батарал, гьеб жидее щварал.**

أَعَدَّ ٱللَّهُ لَهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا
ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۚ ذَٰلِكَ ٱلْفَوْزُ
ٱلْعَظِيمُ ٨٩

**89. Т1адег1анав Аллагьас гьазие къач1ан х1адурун руго жидеда жанисан г1орал чвахулел алжанал.** Лъималъул, рахьалъул, жадул ва гьац1ул. **Даимго рук1инелъун лъугьине гьарула жал гьел алжаназулъ ва гьеб буго ц1акъ к1удияб хиралъи-т1ок1лъи.**

Гьалдаса т1адехун цоги жоялда хьул лъолареб буго гьаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ажро ва жазаъ.

وَجَآءَ ٱلْمُعَذِّرُونَ مِنَ ٱلْأَعْرَابِ لِيُؤْذَنَ لَهُمْ
وَقَعَدَ ٱلَّذِينَ كَذَبُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ ۚ سَيُصِيبُ
ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنْهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٩٠

**90. Аг1рабазул** (ракьул г1арабал, кочевники) **цоги мунапикъзаби рач1ана жал рокъор ч1езе изно кье абун цо-цо г1узру бицун.** Хъизан к1удияб буго абун, напакъа-сах1 гьеч1о абун. **Цоги къавм жидеца изного т1алаб гьабич1ого г1одор ч1ун ч1ана гъазаваталда рахъинч1ого. Гьал руго жидеца Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **аварагги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гьереси гьавурал г1адамал. Гьал къавмазул капурзабазда ц1акъ унтизабулеб г1азаб щвезе буго.**

Дунялалдаго ч1ван, асир гьарун инжит гьаризе руго. Ахираталда жужах1алда рехун ц1адул г1азабги гьабизе буго.

لَّيْسَ عَلَى ٱلضُّعَفَآءِ وَلَا عَلَى ٱلْمَرْضَىٰ وَلَا عَلَى
ٱلَّذِينَ لَا يَجِدُونَ مَا يُنفِقُونَ حَرَجٌ إِذَا
نَصَحُوا۟ لِلَّهِ وَرَسُولِهِۦ ۚ مَا عَلَى ٱلْمُحْسِنِينَ
مِن سَبِيلٍ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٩١

**91. Жал заг1ипал, унтарал г1адамазда, жидер напакъа-сах1 гьеч1ел, ярагъ чу гьеч1ел г1адамазда мунагь гьеч1о, жал Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ**, гьесул аварагасдаги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **мут1иг1лъун ругеб мехалъ. Жидеца цогидал г1адамал гъазаваталдаса нахъги ч1вач1еб мехалъ, хъулухъ гьеч1ел харбал рицун питнаги гьабич1еб мехалъ. Гьал лъик1ал г1адамазда г1айиб ч1вазе нух гьеч1о. Х1акълъунго Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва жив гурх1улев.**

وَلَا عَلَى ٱلَّذِينَ إِذَا مَآ أَتَوْكَ لِتَحْمِلَهُمْ
قُلْتَ لَآ أَجِدُ مَآ أَحْمِلُكُمْ عَلَيْهِ
تَوَلَّوا۟ وَّأَعْيُنُهُمْ تَفِيضُ مِنَ ٱلدَّمْعِ حَزَنًا
أَلَّا يَجِدُوا۟ مَا يُنفِقُونَ ٩٢

**92. Ва гьел муъминзабаздаги г1айиб гьеч1о гъазаваталда рахъинч1ин абун, жалго духъе рач1арал жидее ярагъ матах1алдалъун кумек гьабейилан ва рек1унеб жо балагьейилан. Цинги дуца жидеда абурал: «Дида батулеб гьеч1о**

**нуж рек1ине гьарулеб жо ва нужее гьабизе кумек»-абун. Жал нахъе руссун арал ва жидер бералги маг1ид чваххулел рук1арал, жал пашманлъун жидее Аллагьасул ﷻ нухалда гъазават гьабизе рес щвеч1о абун ва гьеб гъазават гьабиялъе г1оло кьезе жидер боц1и-малги гьеч1о абун.**

Гьаб аят решт1инабуна Аллагь разилъаяв ансариязул анкьго чиясул х1акъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухье жал рач1арал ва жидеца абурал: «Нижеца Аллагьасе ﷻ къот1и гьабун бук1ана мунгун цадахъ гъазаваталда рахъине, гьанже нижее т1ад рек1ине жо батулеб гьеч1о. Дуца нижее кумек гьабе ва ниж цадахъ раче»-абун. Жинда Аллагь разилъаяв Анасица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Мадинаялда цо г1адамал руго нуж жанир лъугьараб к1к1алахъ ва нуж хьвадулеб нухалда нужгун цадахъ ругел»-абун. Асх1абзабаца абуна Мадинаялдаги рук1адгойищ абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «У! Гьел руго г1узро бук1ун рокъор хут1арал»-*абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

إِنَّمَا ٱلسَّبِيلُ عَلَى ٱلَّذِينَ يَسْتَـْٔذِنُونَكَ وَهُمْ أَغْنِيَآءُ ۚ رَضُوا۟ بِأَن يَكُونُوا۟ مَعَ ٱلْخَوَالِفِ وَطَبَعَ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Г1айиб ч1вазе нух буго гьел бечедал г1адамазда, жидеца дудасан рукъор ч1езе изно т1алаб гьабурал. Руччабигун цадахъ рук1ине жалги разилъарал. Аллагьас ﷻ гьазул рак1азда ч1ван буго жагьиллъиялъул ва ах1макълъиялъул мугъру ва гьезда лъалеб гьеч1о жидеца гьабулеб г1амалалъул х1алихьалъи ва инжилъи.**

يَعْتَذِرُونَ إِلَيْكُمْ إِذَا رَجَعْتُمْ إِلَيْهِمْ ۚ قُل لَّا تَعْتَذِرُوا۟ لَن نُّؤْمِنَ لَكُمْ قَدْ نَبَّأَنَا ٱللَّهُ مِنْ أَخْبَارِكُمْ ۚ وَسَيَرَى ٱللَّهُ عَمَلَكُمْ وَرَسُولُهُۥ ثُمَّ تُرَدُّونَ إِلَىٰ عَٰلِمِ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٩٤﴾

**94. Табукалдаса нахъе руссун нуж рач1араб мехалъ гьал мунапикъзаби рач1ине руго жидер г1узро бицине. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нужеца г1узро бицуге, ниж нужеда божуларо** щиб жо нужеца биццаниги. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас нижее баян гьабун буго нужер мунапикълъи ва нужеца рек1елъ бахчун бугеб чороклъи ва х1алхъублъи. Хадубги Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе ﷺ бихьизе буго нужер инжитаб ва къабихlаб г1амал. Нужеца тавбо гьабулареблъиги. Ахираталда нуж руссине руго жинда балъгоябги жо загьирабго г1адин лъалев Бет1ергьан**

**Аллагьасде. Цинги нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабулеб букlараб кинабго гlамал,** гьеб хъварал кагътал кодоре кьун, жидерго лугбуца нугlлъи гьабун.

سَيَحْلِفُونَ بِٱللَّهِ لَكُمْ إِذَا ٱنقَلَبْتُمْ
إِلَيْهِمْ لِتُعْرِضُوا۟ عَنْهُمْ ۖ فَأَعْرِضُوا۟ عَنْهُمْ ۖ
إِنَّهُمْ رِجْسٌ ۖ وَمَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ جَزَآءًۢ بِمَا
كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ﴿٩٥﴾

**95. Нуж тlад руссун рачlараб мехалъ гьел мунапикъзаби Аллагьасул цlар бахъун нужее гьедизе руго гьересиял гlузраби рицун нужеца жидее гlакъуба гьабиялдаса хlинкъун. Нуж гьездасан русса, гьезда ццим бахъун ва гьел сан гьаричlого,** гьез купруги нипакъги тlаса бищун бугелъул. Гьезулгун калам гьабиги те салам кьейги те. **Жидер батlин хъубал, нажасал жалазда релълъарал чагlи руго гьел. Гьезул ахир руссунеб бакlги жагьанама буго жидеца гьаб дунялалда гьабураб гlамалалъе жазаълъун.**

يَحْلِفُونَ لَكُمْ لِتَرْضَوْا۟ عَنْهُمْ ۖ فَإِن
تَرْضَوْا۟ عَنْهُمْ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يَرْضَىٰ عَنِ
ٱلْقَوْمِ ٱلْفَـٰسِقِينَ ﴿٩٦﴾

**96. Гьел нужее гьедарулел руго нуж рази гьаризе бокьун. Нуж разилъунилан гьезие щибго хайирги гьечlо. Хlакълъунго Аллагь жив разилъуларев вуго пасикъаб къавмалда ва гьезул къабихlал пишабазда.**

ٱلْأَعْرَابُ أَشَدُّ كُفْرًا وَنِفَاقًا وَأَجْدَرُ أَلَّا
يَعْلَمُوا۟ حُدُودَ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ ۗ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٩٧﴾

**97. Гlалахалда гlурал, гьенир чlарал агlрабал цlакъго гучал руго нипакъалъул ва купруялъул рахъалъан.** Гьезул ракlал согlал рукlун, гlелму-гlакъло дагьаб букlун, хlила-макру гьабизе бокьулел рукlун. Жидеда лъикlал гlадамал дагьал рихьун ва Къуръан-хlадис рагlичlого. **Гьезда лъачlого букlине рекъараб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рештlинабураб шаргlалъул хlукмаби ва гlорхъаби. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндир халкъалъул хlал лъалев ва гьезул умуразда тадбир гьабиялъулъ хlакимав.**

Бахlро абулеб тафсиралда абуна: гьезул купру ва нипакъ гучаб букlиналъе гlилла буго жал чlухlарал рукlин ва тlадагьал рукlин (гlакъло камилал гурел). Гьел гlурал рукlун гlадамаздаса батlаго, алахалда: жидеда жо малъулев мугlалим гьечlого, гьел куцулев чиги гьечlого жидеего бокьухъин рукlана гьел. Гlалимзабаздаса ва Къуръан хlадисалдаса жал рикlкlадал рукlиналъ жидеца бицунеб жоги купру- ширкалда жал кколеб букlана-абун.

Аг1машица бицана: цо аг1рабав (г1алахалдаса вач1арав г1арабияв) г1одов ч1ана Зайд ибну Савх1ан асх1абасда аск1ов, гьев жиндир гьалмагъзабазе хабар бицунев вугеб мехалъ. Гьав Зайдил квег1аб квер бук1ана Нагьавандалда гъазаваталда вук1ун ругъун щун жиб къот1араб. Аг1рабияс абуна: «Валлагьи, дур хабар ц1акъ гьуинаб буго, амма гьаб дур квералъ дун щакдаризавулев вуго» - абун. Зайидица абуна: «Щай мун щакдаризе гьавулев дир квералъ, гьеб квег1аб квер бук1ингун цадахъ?» – абун. Аг1арабияс абуна: «Валлагьи, дида лъаларо ц1огьорасул кваранаб кверищ къот1улеб, квег1аб кверищ къот1улеб» – абун. Цинги Зайдица абуна: «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ц1акъ бит1араб бицарав вуго гьаб аят решт1инабун: «Аг1рабал гучал руго купро нипакъалъул рахъалъ» абун.

وَمِنَ ٱلْأَعْرَابِ مَن يَتَّخِذُ مَا يُنفِقُ مَغْرَمًا وَيَتَرَبَّصُ بِكُمُ ٱلدَّوَآئِرَ عَلَيْهِمْ دَآئِرَةُ ٱلسَّوْءِ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٩٨﴾

**98. Гьел аг1рабаздаса цо г1адамал руго жидедаса т1алаб гьабулеб закат ва сах1 г1ак1алъун, жидее зулмулъун бихьулел ва кидадай нужеда цо къварилъи-балагь щвела абун хъаравуллъи ккун ругел. Гьезда бач1ине буго ц1акъ квешаб къо. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда раг1улев вуго гьез бицунеб жо ва жинда лъалев вуго гьезул г1амал- пиша ва рак1алда бугеб нипакъ.**

وَمِنَ ٱلْأَعْرَابِ مَن يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَيَتَّخِذُ مَا يُنفِقُ قُرُبَٰتٍ عِندَ ٱللَّهِ وَصَلَوَٰتِ ٱلرَّسُولِ أَلَآ إِنَّهَا قُرْبَةٌ لَّهُمْ سَيُدْخِلُهُمُ ٱللَّهُ فِى رَحْمَتِهِۦٓ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٩٩﴾

**99. Гьел аг1рабаздаса цо г1адамал руго Аллагьасдаги, ахирисалдаги иман лъолел. Жидеца кьолеб напакъа-сах1ги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи, гьесда г1агарлъи бокьун, гьединго аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дуг1а бокьун кьолел. Гьеб буго жидер Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1агарлъи. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ахираталда гьел лъугьинаризеги руго жиндир рах1маталъулъ. Х1акълъунго Аллагь вуго жив гурх1улев ва жинца мунагьал чурулев.**

وَٱلسَّٰبِقُونَ ٱلْأَوَّلُونَ مِنَ ٱلْمُهَٰجِرِينَ وَٱلْأَنصَارِ وَٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُم بِإِحْسَٰنٍ رَّضِىَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا۟ عَنْهُ وَأَعَدَّ لَهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى تَحْتَهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ذَٰلِكَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿١٠٠﴾

**100. Жал иман лъеялъулъ ццере ккарал, гьижра гьабизе ва аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ квербакъизеги ццере ккарал мугьажиралги ансаралги, цинги гьазда хадур лъик1лъи гьабиялъул рахъалъ жал нахъ рег1арал цогидал мугьажирал ва ансарал, къиямасебкъо щвезег1ан гьеб нухалда хьвадарал киналго муъминзабиги жидеда Аллагь разилъарал руго.**

Гьез жиндир ах1иялъе жаваб гьабун, жинда мут1иг1лъун г1ибадат гьаби сабаблъун. **Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **жал разиялги руго жидее кьурал к1удиял ниг1матазда:** иман-исламалда т1орит1иялда, ахираталда алжан кьеялдаги. **Гьал г1адамазе Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **алжанал х1адурун руго, жидеда жанисан г1орал чвахулел. Даимго рук1инелъун жал гьенир жанирги лъугьинарула. Гьаб буго ц1акъ к1удияб лъик1лъиялда кверщел бати.**

وَمِمَّنْ حَوْلَكُم مِّنَ ٱلْأَعْرَابِ مُنَٰفِقُونَ ۖ وَمِنْ أَهْلِ ٱلْمَدِينَةِ ۖ مَرَدُوا۟ عَلَى ٱلنِّفَاقِ لَا تَعْلَمُهُمْ ۖ نَحْنُ نَعْلَمُهُمْ ۚ سَنُعَذِّبُهُم مَّرَّتَيْنِ ثُمَّ يُرَدُّونَ إِلَىٰ عَذَابٍ عَظِيمٍ ﴿١٠١﴾

**101. Мадинаялда сверухъ ругел росабалъ руго мунапикълъи жиделъ бугел аг1рабал. Мадинаялъул агьлоялда гьоркьорги руго мунапикъзаби. Жал гьеб нипакъалда к1анц1арал ва гьелда т1ад ч1арал.** Жидее нуж гуккун хьвадизе лъалел. **Нужеда гьел лъаларо, амма дида гьел лъала. Дица гьезие хадуб г1азаб гьабизе буго к1иго нухалъ:** нужеца рагъда ч1вазе руго гьел, асир гьаризе руго, хабал г1азабги гьабила гьезе. **Цинги ахираталда гьел жужах1алъул г1азабалдаги руссинаризе руго.**

وَءَاخَرُونَ ٱعْتَرَفُوا۟ بِذُنُوبِهِمْ خَلَطُوا۟ عَمَلًا صَٰلِحًا وَءَاخَرَ سَيِّئًا عَسَى ٱللَّهُ أَن يَتُوبَ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٠٢﴾

**102. Цоги кьокъа буго жидер мунагьазда мук1урлъулел, жидеца лъик1абги квешабги г1амал жубазабурал. Гьездаса Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **т1аса лъугьина абун хьул буго. Х1акълъунго Аллагь вуго жив гурх1улев ва жинца мунагьал рахчулев.**

خُذْ مِنْ أَمْوَٰلِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ وَتُزَكِّيهِم بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ ۖ إِنَّ صَلَوٰتَكَ سَكَنٌ لَّهُمْ ۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٠٣﴾

**103. Гьал жидеца тавбо гьабурал г1адамазул боц1удаса паризаяб закат босе, гьелдалъун гьел мунагьаздаса ва чороклъабаздаса рац1ц1ад гьарулеб, гьезул лъик1аб г1амалги гьелдалъун ц1ик1к1унеб.** Гьел Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разиял г1адамазул даражаялда рахине. **Дуца гьезие дуг1аги гьабе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. **Х1акълъунго Гьеб дур дуг1а буго жинца гьезул рак1 паракъат гьабулеб жо ва гьезие рах1матги буго. Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда кинабго жо раг1улев ва лъалев вуго.**

أَلَمْ يَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ هُوَ يَقْبَلُ ٱلتَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهِۦ وَيَأْخُذُ ٱلصَّدَقَٰتِ وَأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٠٤﴾

**104. гьел тавбо гьабурал г1адамазда лъаларищ Т1адег1анав Аллагь вук1ин лагъзадерил тавбо къабул гьабулев, гьез кьураб садакъа, закат-сах1ги босулев.**

**Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца ц1акъ тавбо къабул гьабулев ва муъминзабазда жив гурх1улев.**

وَقُلِ ٱعْمَلُواْ فَسَيَرَى ٱللَّهُ عَمَلَكُمْ وَرَسُولُهُۥ وَٱلْمُؤْمِنُونَ ۖ وَسَتُرَدُّونَ إِلَىٰ عَٰلِمِ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٠٥﴾

**105. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, нужеца бокьараб г1амал гьабе. Аллагьасда ﷻ бихьизе буго нужеца гьабураб г1амал:** лъик1аб бугониги квешаб бугониги. **Аллагьсул ﷻ расуласдаги ﷺ ва муъминзабаздаги бихьизе буго гьеб г1амал. Ахираталда нуж руссизаризе руго балъгоябги, т1атарабги, рик1к1ададабги аск1оябги кинабго жо жинда лъалев Аллагьасда ﷻ, цинги нужедаги бицине буго нужеца дунялалда гьабураб г1амал, гьелъул жазаъги гьабизе буго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ах1мадица бицараб кьуч1аб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Нужер г1амалал рихьизарула нужер хварал г1агарал чаг1азда. Гьел г1амалал лъик1ал ругони гьел роххула, г1амалал квешал ругони гьез абула: «Я нижер бет1ергьан Аллагь! Дуца гьал г1агарал г1адамал хвезаруге жидеца лъик1аб г1амал гьабизег1ан»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анасидасан бицараб х1адисалда буго:*«Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ цо чиясе лъик1аб ахират бик1ине жинца гьев хвалида цеве лъик1лъиялда хьвадизавула»*-абун.

Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Муъминчиясе Аллагьас ﷻ кьураб рек1елбихьиялдалъун гьесдаги к1ола лъик1аб-квешаб жо бат1а гьабизе. Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ мунапикъзаби къват1ир ч1вазари, гьезул пишабазда муъминзаби раккизарун, гьелдалъунги гьел г1одорг1ан гьарула.

وَءَاخَرُونَ مُرْجَوْنَ لِأَمْرِ ٱللَّهِ إِمَّا يُعَذِّبُهُمْ وَإِمَّا يَتُوبُ عَلَيْهِمْ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٠٦﴾

**106. Цо мунапикъзаби руго Аллагьасул ﷻ амру бач1иналъухъ ралагьун ругел.** Жидер тавбо къабул гьабизе хьул лъун ругел, жалги гъазаваталда инч1ого рук1арал, амма гьелда ц1акъ рек1екълъарал (гьазул хабар хадуб бицине буго иншаАллагь). **Жидее Аллагьас ﷻ г1азаб гьабизеги бегьулел, гьединго Аллагьас ﷻ т1аса лъугьун тезеги бугьулел. Х1акълъунго Аллагь вуго жиндир ишазулъ х1икмат бергьарав, халкъалъе маслах1атаб жо лъалев ва гьеб гьабулев.**

وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُواْ مَسْجِدًا ضِرَارًا وَكُفْرًا وَتَفْرِيقًۢا بَيْنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ

**107. Аллагьасул ﷻ диналъеги муъминзабазеги зарал гьабизе ургьун жидеца масжид барал г1адамал: жидеца**

وَإِرْصَادًا لِّمَنْ حَارَبَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ مِن
قَبْلُ ۚ وَلَيَحْلِفُنَّ إِنْ أَرَدْنَآ إِلَّا ٱلْحُسْنَىٰ ۖ
وَٱللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّهُمْ لَكَـٰذِبُونَ ﴿١٠٧﴾

**Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун, жидее муъминзаби рикьизаризе ва загIип гьаризе бокьун. Цереккунги жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва гьесул расуласда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **рагъ балел рукIарал капурал гIадамал жидихъе рачIиналда хъаравуллъи ккун ругел,** гьелгун цадахъ жалги муъминзабазда рагъизе абун. **Жал гьа гьедун кIалъалел гьеб масжид жидеца лъикIлъи бокьун бараб бугин абун. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нугIлъи гьабулеб буго гьел гIадамал жидеца гьереси бицунел рукIиналъе** ва гьеб масжид заралалъе бараб букIиналъеги.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Абу ГIамр Рагьиб абулев чи вукIана жагьилияб заманалъго насраниязул дин босарав гьезул рагьиб (кашиш). Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг загьирлъараб мехалъ гьесул цIакъ ццим бахъана жиндир бетIерлъи тIасса ина букIун. Цинги гьес хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: дида щал гIадамал ратаниги дудехун рагъ гьабулеллъун, дун гьелгун цадахъ дуда данде вагъизе вугилан абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда цIар лъуна: абу-ГIамру Пасикъ абун.

ХIунайналда рагъ ккун Гьавазинал къезарураб мехалъ Абу-ГIамр Шамалда вачIана ва жинца гьенисан Мадинаялда ругел мунапикъазда хабар битIана нужеца хIал кIвараб хIалалъ ярагъ ва къуват хIадур гьабе, дун тIаде щвелелде цо масжидги бай абун. Дун Къайсарихъе унев вуго ва дун вачIине вуго Румазул боялги рачун ва дица МухIаммадги гьесул асхIабзабиги Мадинаялдаса къватIир къотIизе руго абун.

Цинги мунапикъаца масжидул къубаяда аскIоб масжид бана. Цинги гьел Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рачIана ва гьез абуна: нижеца масжид бан буго унтарал щокъал чагIазе, рикIкIад ине кIоларел гIадамазе, цIад балеб, бецIаб сордоялъ как базе. Нижее бокьун буго мун нижгун цадахъ гьеб масжидалда вачIине ва нижее цо как базе абун. Гьезул мурад тIубазабун тIаде вахъун ретIел ретIулев вукIадго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аят рештIинабуна ва аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бицана гьеб масжидалъул хIакъикъат.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзаби тIаде ахIана ва гьезда амру гьабуна: «нуж а гьеб зулмояб къавмалъ бараб масжидалда ва нужеца гьеб бухIе» абуна. Аллагь жидеда разилъаял асхIабзабаца гьеб масжид бухIана ва биххизабуна, гьел гIадамалги рикьизаруна.

Гьаб масжид машгьураб буго «масжидузирар) абун. Гьав «Абу ГIамр

рагьиб» вуго жив малаикзабаз чурарав х1анзалат асх1абасул эмен. Нужеца пикру гьабеха я гьал бусурбаби, Аллагьасул ﷻ х1икматал киг1ан к1удиял ругел ва кин бай бихьараб Аллагьасул ﷻ дин ракьалда т1ибит1изе.

**108. Мун гьеб масжидалда жанив вахъун ч1оге Мух1аммад ﷺ, кидаго. Жиб базе бай бихьараб къоялъ жиндир кьуч1 Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун лъураб масжидул Къуба буго мун жанив ч1езе ва как базе мустах1икъаб. Гьенир жанир руго жидее загьирал ва бат1инал чороклъабаздаса рац1ц1алъизе бокьарал бах1арзал.** Гьел руго ансарал.

لَا تَقُمۡ فِيهِ أَبَدٗاۚ لَّمَسۡجِدٌ أُسِّسَ عَلَى ٱلتَّقۡوَىٰ
مِنۡ أَوَّلِ يَوۡمٍ أَحَقُّ أَن تَقُومَ فِيهِۚ فِيهِ
رِجَالٞ يُحِبُّونَ أَن يَتَطَهَّرُواْۚ وَٱللَّهُ يُحِبُّ
ٱلۡمُطَّهِّرِينَ ١٠٨

**Аллагьасеги ﷻ рукьула жидее рац1ц1алъи бокьулел г1адамал.** Купру-ширкалда хурхинч1ел, жидер рек1елъ нипакъ гьеч1ел, цох1о Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун, аварагасда ﷺ нахъ рилълъун жал хьвадулел.

Масжидул къубаялда масжиду-такъва абунги абула. Цоги раг1иялъулъ буго «масжиду-такъва» абулин Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул масжидалда. Гьелъие х1адисалги рицун руго. Гьаб к1иябго раг1и цоялъ цояб хвезабулеб гьеч1о: к1иябго масжидалда абизе бегьулелъул «масжиду-такъва» абун.

**109. Жиндир баялъул авалалда Аллагьасдаса ﷻ х1инкъиялъул кьуч1лъун ва Аллагь ﷻ разилъиялъул кьуч1лъун бараб масжидул Къубайищ лъик1аб бук1улеб жинда жаниб Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабизе, яги жиндир кьуч1 биххизе къач1араб к1к1алал раг1алда лъураб ва жиб биххун жужах1алъул ц1адаб араб масжидул зирарищ лъик1аб бук1унеб жиндилъ г1ибадат гьабизе? Т1адег1ана Аллагьас х1акъаб нухда т1обит1уларо жидеца зулму гьабулеб къавм.**

أَفَمَنۡ أَسَّسَ بُنۡيَٰنَهُۥ عَلَىٰ تَقۡوَىٰ مِنَ ٱللَّهِ
وَرِضۡوَٰنٍ خَيۡرٌ أَم مَّنۡ أَسَّسَ بُنۡيَٰنَهُۥ عَلَىٰ
شَفَا جُرُفٍ هَارٖ فَٱنۡهَارَ بِهِۦ فِي نَارِ جَهَنَّمَۗ
وَٱللَّهُ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٠٩

**110. Гьел мунапикъазул рек1елъ щаклъиги, ццим бахъиги т1аса инч1ого бук1ине буго гьезул масжид биххизаби сабаблъун.** Жал лъик1аб жо гьабулел рук1ана абун рак1алда ккун. **Гьеб**

لَا يَزَالُ بُنۡيَٰنُهُمُ ٱلَّذِي بَنَوۡاْ رِيبَةٗ فِي
قُلُوبِهِمۡ إِلَّآ أَن تَقَطَّعَ قُلُوبُهُمۡۗ وَٱللَّهُ
عَلِيمٌ حَكِيمٌ ١١٠

**х1алалда рук1ина гьел жидер рак1ал рихьун хвезег1ан. Х1акълъунго Аллагь жинда лагъзадерил х1ал лъалев вуго ва гьезие гьабулеб х1укмуялъулъ г1адло бит1арав х1акимги вуго.**

Гьаб заманаялъ динияб идараялъ ва т1арикъатчаг1азул цо-цо къокъаялъ гьаб масжидул зирарала̀ъул бицараб аятги ц1алун, жидергун х1ал рекъеч1ел бусурбаби масжидал раялдаса нахъч1валел руго. Х1ата цо-цо масжид биххизабурабцин х1ужаби руго. Вагьабиял руго, гьезул г1арацалдалъун балеб буго масжид абун хабарги бицун, жагьилал г1адамазул боялги г1уц1ун, Аллагьасул ﷻ рукъалда рагъ гьабулеб буго. Гьединго жидее бокьич1ел имамзабиги щиб-щибниги ц1арги лъун х1алт1удаса рахъулел руго ва гьезул бак1алда щибго халкъалъе мунпаг1ат гьеч1ел, цох1о т1арикъатги устарги веци гуреб цоги ваг1заnасих1атги гьабизе лъаларел имамзаби лъолел руго.

Гьаб кинабго ишги капурав ханасул х1акимзабазда мугъ ч1ван, гьезие лъик1 рихьизе бокьун, Аллагьасе ﷻ х1акъаб дин гьабиялдаса халкъ гъапул гьаби мурадалда гьабулеб буго. Гьал г1адамал щибго щаклъи гьеч1ого кколел руго Т1адег1анав Аллагьасул раг1иялда гъокь: «Жиндир зулму к1удияв чи щивха вук1инев, жинца масжидалда жаниб Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабизе гьукъулев ва гьел масжидал рихизаризе жив хьвадулев чиясдаса»-абураб. Ал-бакъарат 114 аят.

Аллагьас ﷻ гьал г1адамал кант1изареги Жив разияб г1амал ва г1ибадат гьабизе нилълъее тавпикъги кьеги.

**111. Т1адег1анав Аллагьас муъминзабаздаса ричун росана гьезул чурхдул ва гьезул боц1и-мал гьелда данде жидее алжан кьезе къот1иги гьабун.**

﴿إِنَّ ٱللَّهَ ٱشۡتَرَىٰ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ أَنفُسَهُمۡ وَأَمۡوَٰلَهُم بِأَنَّ لَهُمُ ٱلۡجَنَّةَۚ يُقَٰتِلُونَ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ فَيَقۡتُلُونَ وَيُقۡتَلُونَۖ وَعۡدًا عَلَيۡهِ حَقّٗا فِي ٱلتَّوۡرَىٰةِ وَٱلۡإِنجِيلِ وَٱلۡقُرۡءَانِۚ وَمَنۡ أَوۡفَىٰ بِعَهۡدِهِۦ مِنَ ٱللَّهِۚ فَٱسۡتَبۡشِرُواْ بِبَيۡعِكُمُ ٱلَّذِي بَايَعۡتُم بِهِۦۚ وَذَٰلِكَ هُوَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ١١١﴾

Гьаб буго Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло жигьад гьабулел г1адамазе бугеб даража бицине бачараб мисал, ц1акъ пасих1аб ва гъваридаб мац1алдалъун. Гьел мужагьидазе кьолеб алжаналъул жинца мисал бачана базаралда даран гьабулел г1адамазда релълъин гьабун: бичулевги босулевги к1иго чи вугев г1адин.

Х1асанул Басрияс абуна: Т1адег1анав Аллагьас гьезие дарам гьабулеб буго ва гьезие ц1акъ къиматаб багьаги кьолеб буго. Нуж балагье Аллагьасул ﷻ сахавалъиялъул гучалда. Жинцаго рижарал чурхдулги руго, жинцаго ризкъилъун кьураб боц1и-малги буго, гьаб к1иябго жо

Аллагьас ﷻ ч1обого гьел мужагьидазе кьурабги буго. Цинги жинца гьездаса гьезул чурхдулги, боц1-малги бичун босулебги буго къиматаб багьаги кьун. Гьаб гьеч1ищ ц1акъ к1удияб хайир бугеб даран!

Цоги г1алимас абуна: гьаб дараналъул т1адег1анлъиялда балагье мун: жинца бичулев чи муъминчи вуго, жинца босулев Т1адег1анав Аллагь вуго, багьалъун кьолеб жоги алжан буго. Гьаб даран т1ад хъварал кагъталги зобалаздаса т1ахьал руго. Гьаб даран гьабизе гьоркьов лъурав чиги Мух1аммад ﷺ вуго, Гьаб дараналъе нуг1лъи гьабулел хириял малаикзабиги руго-абун.

**Гьал г1адамал руго жинца Аллагьасул ﷻ дин т1адег1ан гьабизе г1оло рагъ гьабулел. Цинги жидеца Аллагьасул ﷻ тушбаби ч1валел ва гьез жалги ч1валел.** Цин бергьенлъи ва гъанимат щун т1ад руссунел, цин шагьадат щун жидее алжанал насиблъулел. **Гьал мужагьидазе Аллагьас ﷻ гьабураб къот1и х1акъаб къот1и буго Тавраталдаги Инжилалдаги Къуръаналдаги жаниб жиб бугеб. Аллагьг1ан жинца къот1и т1убалев цоги щивго гьеч1о.**

Дунялалъул рукъор жидер напсазул къадро ц1унарал г1адамаз къот1и т1убазабула, гьеб т1убан гут1и къабихх1аб жолъун рик1к1уна. Т1адег1анав Аллагьас къот1и т1убангут1и рак1алдаго кколеб жо гьеч1о. Гьаб буго жигьад гьабизе рак1 гьесизабулеб берцинаб къот1и. **Нуж ц1акъ роххун рук1а гьаб нужеца гьабураб хайир бугеб дарамалдаса. Гьаб буго ц1акъ к1удияб лъик1лъиялда кверщел бати.**

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе Мадинаялдаса вач1арав лъабкъоялда анц1го чияс байг1ат (къот1и) гьабулеб мехалъ Минаялда бугеб г1акъабат абулеб бак1алда (х1ажизабаз ч1инхал рехулеб бак1), гьел ансаразул цевехъан Г1абдуллагь ибну Равахх1атица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна:

*«Я расулаллагь! Дуца Аллагьасеги ﷻ дуеги бокьараб жо шарт1 гьабе гьаб къот1иялъулъ»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дир Аллагьасе дица нужергун къот1и гьабулеб буго нужеца гьесие лагълъи гьабизе щибго жо г1ахьал гьабич1ого (ширк гьабич1ого). Дир напсалъе шарт1 гьабулеб буго нужеца дие квербакъизе, нужерго напсаздаса нахъч1валеб зарал дидасаги нахъч1ван»-абун. Ансараз абуна: «Гьеб жо гьабураб мехалъ нижее бугеб жо щибха бугеб?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужее алжан бук1ине буго»-абун. Ансараз абуна: «Ц1акъ хайир бугеб даран буго гьаб. Нижеца гьаб даран биххиларо ва нижго рат1алъун къот1и*

*хвезабиларо»*-абун. Хадуб Т1адег1анав Аллагьас гьаб цебехун хъвараб аят решт1инабуна. Х1адис ибну Жаририца бицана.

**112. Гьединго алжаналъул агьлоялдаса руго жидеца мунагь-хат1аъ ккараб мехалъ тавбо гьабулелги, Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабиялъулъ ихлас бугел, цох1о Аллагьасе ﷻ гурони г1ибадат гьабуларел. Жидеца Аллагьсул ﷻ ниг1матазда данде г1емер рецц ва щукру гьабулел, жал ракьалда т1ад Аллагьасул ﷻ дин т1адег1ан гьабун гъазават гьабун хьвадулел.**

ٱلتَّٰٓئِبُونَ ٱلۡعَٰبِدُونَ ٱلۡحَٰمِدُونَ ٱلسَّٰٓئِحُونَ ٱلرَّٰكِعُونَ ٱلسَّٰجِدُونَ ٱلۡأٓمِرُونَ بِٱلۡمَعۡرُوفِ وَٱلنَّاهُونَ عَنِ ٱلۡمُنكَرِ وَٱلۡحَٰفِظُونَ لِحُدُودِ ٱللَّهِۗ وَبَشِّرِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ١١٢

Г1елму т1алаб гьабизе хьвадулел, Аллагьасул ﷻ диналда г1адамал ах1ун даг1ваталъе хьвадулел. **Жидеца какал ралел: рукуг1-сужда камил гьабун, Аллагьасе ﷻ х1елун ва гьесдаса х1инкъун. Жидеца лъик1аб жоялдалъун амру гьабулел ва квешаб жо гьабиялдаса нахъги ч1валел. Аллагьасул ﷻ диналъул г1орхъаби ц1унулел ва шарг1иял х1укмаби хвезаруларел. Х1алалаб х1арамаб жо бат1а гьабулел. Дуца гьал муъминзабазда роххел бице Мух1аммад ﷺ**; Жидее ахираталда ругел г1орхъи-рахъ гьеч1ел ниг1матаздалъун. Инсанасул рак1алдацин хъат1уларел: г1емерал, берцинал, т1аг1амал, лазатал ниг1матал. Дунялалда берда рихьич1ел яги жидер бицен г1иналда раг1ич1ел бат1ибат1иял т1аг1амал ва пихъал жанир ругел алжанал руго гьел.

**113. Аллагьасул расуласе ﷺ ва муъминзабазе изно гьеч1о жидеца мушриказул мунагьал чури т1алаб гьабун дуг1а гьабизе, гьел мушрикал жидее г1агарал чаг1и ругониги, гьел жужах1алъул агьло бук1ин баянлъун хадуб.** Иман лъеч1ого хун ругелъул гьел.

مَا كَانَ لِلنَّبِيِّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَن يَسۡتَغۡفِرُواْ لِلۡمُشۡرِكِينَ وَلَوۡ كَانُوٓاْ أُوْلِي قُرۡبَىٰ مِنۢ بَعۡدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمۡ أَنَّهُمۡ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَحِيمِ ١١٣

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Абут1алиб хвалил бусада вегун вугеб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьесда ваккизе ана. Гьенив г1одов ч1ун Абужагьал ва Абуummаятги ватана. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Я дир инсул вац, дуца «лаилагьа иллаллагь»-абе абун Абужагьалица абуна: «Я Абут1алиб дуца дур эмен Г1абдулмут1алибил дин тезехъин гурищ бугеб?» –абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас чанго*

*нухалъ т1ад вуссун Абут1алибида гьарана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб калима абе абун. Кинниги Абут1алибица гьеб раг1и абич1о ва ахираб гьесул калам бук1ана жив Г1абдулмут1алибил диналда вуго абураб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Валлагьи дица дур мунагьал чуреян ва дудаса т1аса лъугьаян абун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаризе буго, дида Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаруге абун нагью гьабизег1ан»-* абун. Цинги Т1адег1анав Аллагьас гьаб (113) аят решт1инабуна. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

وَمَا كَانَ ٱسْتِغْفَارُ إِبْرَٰهِيمَ لِأَبِيهِ إِلَّا
عَن مَّوْعِدَةٍ وَعَدَهَآ إِيَّاهُ فَلَمَّا تَبَيَّنَ لَهُۥٓ
أَنَّهُۥ عَدُوٌّ لِّلَّهِ تَبَرَّأَ مِنْهُ إِنَّ إِبْرَٰهِيمَ لَأَوَّٰهٌ
حَلِيمٌ ١١٤

**114. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир инсуе гьабураб дуг1а бук1инч1о цебекунго гьабураб къот1и т1убазаби гурони. Цинги жинда лъараб мехалъ эмен Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тушман вук1ин, жинца гьесие дуг1а гьабич1ого ва гьабун бук1араб дуг1аялдаса ва жиндир имсудаса жив ват1алъана ва рик1к1алъана. Х1акълъунго гьев Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вук1ана ц1акъ дуг1а ва х1ели г1емерав, жиндир гурх1ел ва х1алимлъи к1удияв.**

وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُضِلَّ قَوْمًۢا بَعْدَ إِذْ
هَدَىٰهُمْ حَتَّىٰ يُبَيِّنَ لَهُم مَّا يَتَّقُونَ إِنَّ
ٱللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ١١٥

**115. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цониги къавм къосинабуларо жинца гьел т1орит1ун рук1ун хадуб, гьезда х1акъаб жо баян гьабун гурони.** Ай жидее х1акъаб жо баян гьабизег1ан цебекун ккараб мунагь-хат1а Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1аса лъугьун тола. **Х1акълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва щибаб жоялъул маслах1атги лъалев.**

إِنَّ ٱللَّهَ لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ
يُحْيِۦ وَيُمِيتُ وَمَا لَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ
مِن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ١١٦

**116. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца ч1аго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Нужее гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги вали гьеч1о, жинца квербакъулев чиги гьеч1о.** Жинда к1анц1улев ва хьул лъолев чи гьеч1о цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев.

Алусияс абуна: «Муъминзаби мушриказе дуг1а гьабиялдаса ва гьезул гьоркьоблъи гьабиялдаса нахъч1вадалго, киг1анго гьел г1агарал ва божарал чаг1и ругониги, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазе баян гьабулеб буго гьезиеги мушриказеги ва кинабго махлукъаталъе г1ей гьабулев

гьезул тадбир гьабулев, жинца рижулев ва хвезарулев цох1о Аллагь ﷻ вук1ин ва валилъунги, квербакъулев лъунги цох1о Аллагь ﷻ кквезе т1адаб бук1ин. Гьаб амру гьадин бугелъул киналго ишазулъ Аллагьасда ﷻ таваккал т1аме ва гьесда божун рук1а!»-абун.

لَّقَد تَّابَ ٱللَّهُ عَلَى ٱلنَّبِيِّ وَٱلْمُهَٰجِرِينَ وَٱلْأَنصَارِ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُ فِى سَاعَةِ ٱلْعُسْرَةِ مِنۢ بَعْدِ مَا كَادَ يَزِيغُ قُلُوبُ فَرِيقٍ مِّنْهُمْ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ إِنَّهُۥ بِهِمْ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١١٧﴾

**117. Аллагьас ﷻ тавбо къабул гьабуна жиндир аварагасул ﷺ ва мугьажиразулги ансаразулги, захlматаб г1ужалъ жал гьев аварагасда ﷺ нахърилълъарал: цо къокъаялъул рак1ал х1инкъун, иманалдаса рат1алъиялда г1агарлъараб мехалъ. Цинги Аллагьас ﷻ гьезул тавбоги къабул гьабуна. Х1акълъунго Аллагь вуго жиндир лагъзадерида гурх1улев ва гьезда ц1об рах1мо к1удияв.**

Хирияв аварагас ﷺ мунапикъзабазе изну кьеялдаса тавбо къабул гьабуна Аллагьас ﷻ: гьезул хабаралда божун Табукалда гъазаваталда рахъине бокьич1ого г1узраби рициндалго, гьел изно кьун тун рук1ана. Мугьажиразул ва ансаразул цо-цо х1инкъи ва щаклъи ккеялдасаги т1асса лъугьана Аллагь ﷻ. Табукалда унеб мехалъ, гьеб баг1арараб заман бук1ун рет1ел-хьит къадараб бук1ун, мунапикъазул цо-цо харбаз щакдаризе гьарун. Аллагьасда ﷻ гьезул ният бац1ц1адаб бук1ин лъан, гьезул тавбо къабул гьабуна. Гьаб тавбоялъул хабар хирияв аварагасул ﷺ ва асх1абзабазул ц1аралда хурхинабун рехсеялъул маг1на буго муъминзаби кидаго жидеца тавбо гьабиялда х1ажатал рук1ин бич1ч1изаби, гьезул мунагь- хат1а камуларелъул.

Т1абарияс жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абасдаса бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагун цадахъ Табукалъул гъазаваталда ниж рахъана ц1акъ бакъ баг1арараб мехалъ. Цо бак1алда ниж решт1ун ругеб мехалъ кутакалда къечон рук1ана, гьанжени ниж г1одор ккела абураб х1алалда ккун рук1ана. Варани хъун, гьелъул чохьониб батараб реччел ц1уна (гьекъана). Цинги Абубакар асх1абас абуна: «Я расулаллгь! Аллагьас ﷻ дур дуг1аялъе жаваб гьабиялда божи бугелъул дица дуг1а щай гьабулареб?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «гьеб дуг1а гьабизе бокьун бугищ дуе?»-абун. Абубакар асх1абас «буго» абидалго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас кверал эхеде рорхун дуг1а гьабуна. Гьел кверал г1одор риччач1ого зодисан ц1ад чваххана ва нижеца кинабго лъим жаниб т1олеб жо гьелдалъун ц1езабуна. Хадуб х1исаб гьабураб мехалъ гьеб ц1ад бан бат1ич1о нижер аскарал ч1ун ругеб бак1алда гурони»*-абун.

Х1адис ибну Жаририца бицана.

**118. Гьев лъабго асх1абасул тавбоги къабул гьабуна Аллагьас ﷻ, жидер амру нахъбахъун тун рук1арал Аллагьасул ﷻ амру решт1инег1ан.** Гьел руго Каг1бо, Гьилал ва Мурарат асх1абзаби, жидеда Аллагь разилъаял. **Г1емерго г1ат1идаб Аллагьасул ﷻ ракь гьезие ц1акъ къваридаблъун лъугьун бук1ана жал гъазаваталда инч1ого ч1еялда рек1екълъун** ва Аллагьасдасаги ﷻ, аварагасдасаги ﷺ асх1абзабаздасаги нечон. **Гьезул напсалги ц1акъ пашманлъун, заг1иплъун рук1ана.**

وَعَلَى ٱلثَّلَٰثَةِ ٱلَّذِينَ خُلِّفُواْ حَتَّىٰٓ إِذَا ضَاقَتْ عَلَيْهِمُ ٱلْأَرْضُ بِمَا رَحُبَتْ وَضَاقَتْ عَلَيْهِمْ أَنفُسُهُمْ وَظَنُّوٓاْ أَن لَّا مَلْجَأَ مِنَ ٱللَّهِ إِلَّآ إِلَيْهِ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ لِيَتُوبُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١١٨﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезулгун к1алъай гьаби ва мушавара гьаби гьукъун бук1ана цогидал асх1абзабазе.

Жидер бищунго г1агарав чиясе ва гьудуласе салам кьураб мехалъ, гьез салам буссинабулеб бук1инч1о, г1агарлъиялъ, рукъалъул агьлуялъцин гьел реххун тун рук1ана. **Гьезда якъинго бихьана жидер т1ок1аб к1анц1изе бак1 гьеч1еблъи цох1о Аллагь ﷻ гурев. Цинги Аллагь ﷻ гьезда т1аса лъугьана, гьез тавбо гьабизе ва т1ок1аб гьеб бихх ич1ого бук1ине. Х1акълъунго Аллагь жинца тавбо къабул гьабулев, жив муъминазабазда гурх1улев вуго.**

**119. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж х1инкъа Аллагьасдаса ﷻ гьересси бицун г1узро бачизе ва нуж рук1а жидер иманалъулъ рит1ухъал ва бицулеб раг1иялъулъги рит1ухъал г1адамалгун цадахъ.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَكُونُواْ مَعَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿١١٩﴾

Киналго г1амалазулъ, раг1абазулъ ва рек1ел ниятальулъги Аллагь ﷻ т1ад валагьун вук1ин лъан, гьев разилъи т1алаб гьабун хьваде.

Жидеда Аллагь разилъаял имам Маликица Маликил вас Каг1бил Г1абдуллагьидас бицана: дида дир имен Каг1бо бицунев раг1ана; Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ дун киналго гъазаватазда вук1ана, Бадруялъул гъазават хут1изег1ан. Лайлатул-г1акъабати абулеб сордоялъ Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло аварагасе ﷺ мут1иг1лъизе абун къот1и гьабулеб бак1алдаги вук1ана. Табукалъул гъазават бук1ана рииги бух1араб пихъалги барщараб заманаялъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб гъазаваталда х1адурлъе абун амру гьабураб мухалъ асх1абзабаз рет1ел, квен, ярагъ х1адурулеб бук1ана, сафарги рик1к1адаб бук1ун, заманаги зах1матаб

букӀун. ГӀолохъанчи вукӀиндалго, бокьараб къоялъ хӀадурила абун, дун дагьав тохлъана ва хирияв аварaггун ﷺ асхӀабзаби къватӀире рахъулеб къоялъ щибго хӀадурлъи гьечӀого хутӀана.

Гъазаваталда гьелги ун гъоркь хутӀун Мадинаялъул къватӀахъе ваккидал дида цоники сахав чиго вихьичӀо нахъе хутӀаразулъ, я мунафикълъи бугел яги гӀузро бугел гӀадамал гурони. Гьелъ дун цӀакъ пашман гьавуна ва хадув гъезе ине къасд гьабун букӀана. Кинниги, дун гъоркь хутӀана, ва гъазаваталдаса Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг тӀад вуссараб мехалъ щиб гьересидай гьесие бицина абун гӀемер ургъана, кинниги битӀараб бицун горони цоги бицизе жоги ракӀалъ къабул гьабулеб букӀинчӀо.

Пуланаб къоялъул къалъул гӀужалда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гъазаваталдаса вуссун масжидалде вачӀана, ва гьесухъе гӀузро бицун хьвадизе гъазаваталда инчӀого чӀарал мунафикъзабиги лъугьана. Гьез бицаралда гӀенеккун гьезие истигъфар гьабун (гьезул мунагьал чури тӀалаб гьабун) загьиралда гӀамалги гьабун, батӀин Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ тӀамунги тун хирияв аварaгги вукӀана, Аллагьасул свалат салам лъеяв.

Цинги дида ирга щун дица салам кьедалго, хирияв аварагас ﷺ ццим бахъараб хьимиги гьабун: аскӀовегӀан вачӀаян абуна. Дун гьесда цеве гӀодов чӀараб мехалъ гьес дида абуна: мун щиб жоялъе гӀоло рокъов чӀарав, дуца рекӀине вараниги босун букӀана гурищ? абун. Цинги дица абуна: «Валлагьи, жакъа мун гурев чиясда цеве гӀодов чӀун вукӀаравани цо гӀузроги бицун гьесул ццим бахъин нахъе чӀвазе кӀолаан дида. Жакъа дуда цо гьересиги бицун мун рази гьавуни БетӀергьан Аллагьас дур дида ццим бахъинабиялдаса хӀинкъула дун. Дуда битӀарабги бицун дуца дие тагӀзир гьабуни Аллагьу ТагӀала ахираталда дидаса разилъулеблъи лъала дида. Валлагьи, дие щибго гӀузроги букӀинчӀо, ва дун бищун къуватги бугев гъазаваталда вачӀине ресги бугев вукӀана»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьав чияс битӀараб бицана, мун вахъа, ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе цо хӀукмо гьабизегӀан чӀчӀа»-абуна. Цинги дун цӀакъ пашманлъун вукӀана, ва дида сверун лъугьун бану Саламатил гӀадамал рукӀана жидеца абулел: «Дуцаги цо гӀузро бице аварагасе цогидал асхӀабзабазгӀадин: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас истигъфар гьабун дур гьеб мунагьги чурила мунги аварaггун ﷺ цадахъ вукӀила»-абун. ГӀемер гьел гьардон гьеб гьереси бицине гӀагарлъун вукӀана дун. Цинги дица гьикъидал цоги чи вугищ дун гӀадин аварагас ﷺ тарал абун, дида абуна кӀиго

асх1аб вуго абун. Рабиг1ил вас Мурарат, ва Уммаятил вас Гьилал. Гьав к1иявго лъик1ал асх1абзаби рук1ана Бадруялдаги рагъарал, жидер цогидаз х1урматги гьабулел.

Цинги дица сабро гьабуна гьереси бицинч1ого ч1езе. Дун цодагьав гванзав, сог1ав вук1ун, киг1ан нечон вугониги г1адамаздаса вахчич1ого гьезда гьоркьов хьвадулев вук1ана. Дов к1иявго асх1аб рокъорги рахчун г1одулел рук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нижедахун к1алъазеги, мушавара гьибизеги салам кьезеги кьураб буссине гьабизеги гьукъун бук1ана. Киг1анго зах1мат бук1аниги дун как базе масжидалдаги унаан, Аллагьасул салат салам лъеяв аварагасда аск1овег1анги г1агарлъулаан, ва амма щивниги чи дидехун валагьулев, к1алъалев вук1инч1о.

Гьеб х1алалъ дун вук1адго Шамалдаса вач1арав даран чияс дун ц1ехон дихъе кагъат кьуна, гьенив вугев хан Гъасанил рахъалъан буго абун. Гьеб ц1алидал гьелда хъван бугоан: «Мун къварид гьавураб дур х1урмат гьеч1еб Мадинаги тун жиндихъе вач1ани жинца мун к1одо гьавилин»-абун. Гьабги Аллагьасул ﷻ рахъалъан дир х1албихьи бугин абун, дица гьеб кагъат ц1адабе рехун бух1ана. Гьедин к1икъого къо араб мехалъ нижехъе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хабар бач1ана, нуж ручабаздаса рик1к1алъе абун. Ц1ар т1амунищ, кин рик1к1алъилел абидал, ц1ар т1амуге аск1ореги лъугьунге абуна.

Дица дир ч1ужу эбел-имсухъе йит1ана, Т1адег1анав Аллагьасул амру бач1изег1ан гьений ч1а абун. Гьилалил ч1ужу Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе яч1ана, ва гьелъ абуна: Гьилал херав чи вугин, гьесие хъулухъ гьабулев чиги гьеч1ин жинца гьесие хъулухъ гьабизе изну кье абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьесие хъулухъ гьабе, ва амма дуда г1агарлъизе виччаге гьев»- абун. Гьей ч1ужуялъ абуна валлагьи, гьев дида хъат1улев чи гьеч1о, ва дуца рик1к1ад гьавураб къоялдаса нахъе жив г1одулев вуго»-абун.

К1икъоялда анцго къо т1убана гьаб х1алалъ, ва гьеб къоялъ рогьалил какги бан, рак1ги къварилъун т1охил раг1алда г1одов ч1ун дун вук1аго цо борхатаб гьаракьалъ ах1ана: «Я Маликил вас Каг1бо! дуе рохел буго»-абун. гьеб саг1аталда дунги суждаялда ккана. Гьеб рогьалил как бараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда вах1ю решт1ун лъазабун буго нижер тавбу къабул гьаби, ва гьес нижеда рохел бицине асх1абзаби рит1ун руго. Дида рохел бицун вач1арав чиясе дица т1асаги бахъун рет1ел кьуна. Ва, валлагьи гьеб къоялъ дир цоги рет1елги бук1инч1о. Цинги къарзалъе босун рет1елги рет1ун дун аварагасухъе ﷺ ине г1едег1ана. Данде ккарал асх1абзабаз дида тавбо къабул гьаби баркулеб

букlана. Масжидалда жанив дун лъугьараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг асхlабзабазда гьоркьов гlодов чlун вукlана, ва гьесул гьумер цlураб сордоялъ моцl гlадин гвангъун букlана.
Гьеб букlана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг разилъун, воххун вукlиналъул гlаламат. Дица салам кьураб мехалъ аварагас ﷺ абуна: Дуе рохел буго мун эбелалъ гьавураб къоялдаса нахъе дуда бачlараб бищун дуе лъикlаб къоялдалъун абун. Дица гьикъана, дур рахъалъанищ яги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъанищ я расулаллагьи абун. Гьес абуна Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан буго абун. Цинги дица абуна дир тавбо къабул гьабиялдалъун дица тlад босулеб бугин дир боцlи садакъаде бикьизе абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: дуца боцlи дуего те, гьеб дуе лъикl бугин абун. Цинги дица абуна: дун битlараб бициналъ хвасар гьавуна, ва дица тlад босулеб буго кидаго гьересияб рагlи бицичlого тезе абун. Гьедин бугелъул, валлагьи гьеб къоялдаса нахъе дица цохlо гьересияб рагlи абичlо, ва дир хьулги буго Аллагьу Тагlалаяс гьанже хутlараб гlумруялъги дун гьересиялдаса цlунилин абун.
Сурату Ттавбаталда чанго аят буго, гьаб гъазаваталъул, ва гьал асхlабзабазул хlакъалъулъ бицараб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе гьереси бицарал мунафикъазул хlакъалъулъ аят рештlинабуна: «Нуж гъазаваталдаса тlад руссараб мехалъ гьел мунафикъал нужее гьедаризе руго, жидее зарал гьабичlого букlине. Нужеца гьел жалго те, гьел хъубал чагlи руго, ва гьел руссунеб бакlги жагьаннама буго, гьез гьабураб квешаб гlамалалъул жазаълъун. Нуж разилъи тlалаб гьабун гьел гьедараниги ва нуж разилъаниги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ фасикъаб, кафураб къавмалда разилъуларо»-абун. 95-96 аят
Гьав лъабго тавбо къабул гьабурав асхlабасул хlакъалъулъги, ва цогидал асхlабзабазул ва аварагасул ﷺ хlакъалъулъги аят рештlана. хlакълъунго Аллагьу Тагlала тlасса лъугьана аварагасдасаги ﷺ мугьажирал, ансарал, асхlабзабаздасаги цlакъ захlматаб мехалъ жал аварагасда ﷺ нахърилълъарал, цо къокъаялъул ракlал хlинкъун цо рахъалдехун гьетlизе гlагарлъун рукlана, гьезги тавбо гьабуна. Аллагьу Тагlала гьезда цlакъ гурхlулев вуго. Гьев лъабго асхlабасдасаги тlаса лъугьана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, жидер амру нахъбахъун тун рукlарал, жидее гlатlидаб дунялги къварилъун рукlарал, ва жидер ракlалги цlакъ къварилъун рукlарал, ва цохlо Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ кlанцlани гурони жидее кlанцlизе бакl гьечlо абун рукlарал. Гьезда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавбо гьабизе малъана, жинца гьезул тавбо къабул гьабизе гlоло. Хlакълъунго Аллагьу Тагlала тавбо къабул гьабулев, муъминзабазда гурхlулев вуго. «Я гьал иман лъурал гlадамал! Нуж

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азабалдаса х1инкъун гьесие мут1иг1лъе ва нуж лъик1ал г1адамалгун цадахъ рук1а» - абун. 118-119 аят

Гьаб х1адисалда жаниб ваг1за ва г1елму буго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссине бокьарал муъминзабазе. Гьелдаса рак1алда кквезе бегьулел пайдаби руго:

-Муъминчи жиндасан ккараб мунагьалда киг1ан пашманав вук1унев. Т1адег1анав Аллагь разилъи т1алаб гьабун гурони гьев мунагь бахчизе, гьереси бицине лъугьунгут1и.

-Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ва аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ амру т1убазе к1вах1аллъи, ва нахъбахъи бегьунгут1и.

-Жидеца г1асилъи гьабурал г1адамал дорег1ан къазарун, квер босич1ого, салам кьеч1ого тезе бегьи, гьез тавбу гьабун лъик1аб г1амал гьабизег1ан.

-Диналда х1инкъи бугел к1удиял мунагьал гьарулев рос ч1ужуялъ аск1ове виччазе бегьунгут1и.

-Муъминзабаде роххел раг1изе гьаби сунатаб бук1ин, ва роххел бицарасе жо кьейиги сунатаб буго.

-Диналъул вацасе лъик1лъи шварб мехалъ гьелдаса роххизе т1адаб буго.

-Бет1ергьанас кьураб ниг1маталда данде щукро гьаби: раг1абазда лъун гуреб г1амалаздалъунги, садакъа кьун лъик1аб г1амал ц1ик1к1ине гьабун. Муъминчиясул хвасарлъи бит1араб жо бициналъулъ бук1ин. Цогиги г1емер пайда буго гьаб х1адисалда жаниб.

Бет1ергьанас тавфикъ кьеги х1акъаб жо кквезе ва бат1улаб жо реххун тезе.

**120. Мадинаялъул агьлуялъе изно бук1инч1о ва гьелда сверухъ ругел росабазул агьлоялъеги изно бук1инч1о гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ авараггун صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ цадахъ гъазаваталда рахъинч1ого нахъа ч1ч1езе. Ва гьезие изну бук1инч1о жидер напсалъе рах1атги, лъик1лъиги т1алаб гьабизе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ к1вар гьабич1ого ва гьесда щвезе бегьулеб къварилъиялъулъ г1ахьаллъич1ого.**

مَا كَانَ لِأَهۡلِ ٱلۡمَدِينَةِ وَمَنۡ حَوۡلَهُم
مِّنَ ٱلۡأَعۡرَابِ أَن يَتَخَلَّفُواْ عَن رَّسُولِ
ٱللَّهِ وَلَا يَرۡغَبُواْ بِأَنفُسِهِمۡ عَن نَّفۡسِهِۦۚ
ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمۡ لَا يُصِيبُهُمۡ ظَمَأٞ وَلَا
نَصَبٞ وَلَا مَخۡمَصَةٞ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ وَلَا
يَطَـُٔونَ مَوۡطِئٗا يَغِيظُ ٱلۡكُفَّارَ وَلَا
يَنَالُونَ مِنۡ عَدُوّٖ نَّيۡلًا إِلَّا كُتِبَ لَهُم
بِهِۦ عَمَلٞ صَٰلِحٌۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجۡرَ
ٱلۡمُحۡسِنِينَ ١٢٠

Гьезда т1адаб буго жидер рух1 бичунги авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ц1унизе, гьесда бихьараб зах1малъи жидедаги бихьизе. Хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъик1лъи щвараб къоялъги гьесда зах1малъи щвараб къоялъги гьевгун цадахъ рук1ине. Жидеда лъан ва бич1ун бук1ине бищунго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ

хирияб напс свалат салам лъеяв аварагасул напс бук1ин.

**Гьаб амру гьадин бук1иналъе сабаб буго, гьел муъминзаби рук1ин жидеда ракъи-къеч щоларел, къварилъи-зах1малъиги щоларел, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло жигьад гьабулеб мехалъ, жидеца капурзабазул ракьги мерхьуларел гьезда рагъ бан, гьезул щим бахъинабун, жидеда тушманасдаса зарал, къварилъиги щоларел,-гьаб кинабго жоялда данде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие ажро-кири кьун гурони.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб кинабго жо лагъасул лъик1аб г1амал хъвалеб т1ехьалда хъвала ва ахираталда жидее хазиналъун ц1унун батула. **Х1акълъунго Аллагьас г1адада хвезабуларо лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазе бугеб ажро-кири.** Гьеб ажро г1емерго ц1ик1к1инабула ва алжаналъул ниг1матал кьун гьел роххизарула.

Жинда Аллагь разилъаяв Абухайсамат абулев ансарияв асх1аб жиндир ахикье вач1араб мехалъ, гьесда жиндир г1олохъанай, берцинай ч1ужу ятана гъут1бузул раг1адалда гъоркь тамахаб т1ад г1одор ч1олеб жоги рехун. Гьев вач1идалго, гьесда гъоркь турут т1амуна, ц1оророраб лъим бач1ана ва гъут1буздаса бет1ун гьуинаб ва татуяб пихъги лъуна гьесда цебе.

Гьеб кинабго жоялда валагьун, гьелъул пикруги гьабун, Абухайсаматица абуна: «Ц1акъ берцинаб раг1адги буго, барщараб, гьуинаб пихъги буго, ц1оророраб лъимги буго, берцинай ч1ужуги йиго. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг бух1араб бакъукь вуго ва гьури пулеб салул авлахъалда вуго. Гьаб иш лъик1аб гьеч1о» - абун. Цинги эхедеги вахъун хехго жиндир варани кьолана, хвалчен ва хеч кодобе босана, гьуриг1адин г1едег1ун аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ хадув ана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг нахъехун валагьидал, гьесда цо рек1арав вихьана рик1к1адасан вач1унев. Аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ абуна: «Гьав чи Абухайсамат вук1ине ккола» - абун. Гьев т1аде щвараб мехалъ авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ ц1акъ вохана ва гьесул мунагьал чури гьарун дуг1аги гьабуна

وَلَا يُنفِقُونَ نَفَقَةً صَغِيرَةً وَلَا كَبِيرَةً وَلَا يَقْطَعُونَ وَادِيًا إِلَّا كُتِبَ لَهُمْ لِيَجْزِيَهُمُ ٱللَّهُ أَحْسَنَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٢١﴾

**121. Жидеца дагьабниги, г1емерабниги напакъа кьоларо,** гьит1инабниги к1удиябниги г1амалги гьабуларо, **Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло гъазаватги гьаблуро, ракьалда жалги хьвадуларо гьеб кинабго жо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие хайиралъе хъван, нахъ ц1унун бук1ун гурони. Гьеб**

**г1амалалда данде жидее г1емерго ц1ик1араб ажро гьабизе.** Муъминзабаца лъик1аб г1амал гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьелда данде гьелдаса г1емерго лъик1аб жазаъ гьабула.

۞وَمَا كَانَ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ لِيَنفِرُواْ
كَآفَّةٗۚ فَلَوۡلَا نَفَرَ مِن كُلِّ فِرۡقَةٖ مِّنۡهُمۡ
طَآئِفَةٞ لِّيَتَفَقَّهُواْ فِي ٱلدِّينِ وَلِيُنذِرُواْ قَوۡمَهُمۡ
إِذَا رَجَعُوٓاْ إِلَيۡهِمۡ لَعَلَّهُمۡ يَحۡذَرُونَ ١٢٢

**122. Киналго муъминзаби гъазават гьабизе абун къват1ир рахъине данде кколаро.** жидер ват1анги, агьло-хъизанги г1адада холеб х1алалъ.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Т1адег1анав Аллагьас ц1акъ къвак1ун г1айиб ч1вадал Табукалда гъазаваталда рахъинч1ого ч1арал г1адамазда, цинги асх1абзабаца абун бук1ана: «Нижер цох1о чи нахъа ч1ч1еларо гъазават гьабизе унеб аскаралдасаги, къокъаялдасаги»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Табукалдаса нахъ вуссун хадуб гъазават гьабизе къокъаби рит1улеб мехалъ киналго асх1абзаби къват1ирги ун цох1о авараг ﷺ хут1ана Мадинаялда. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят решт1изабуна.

**Щибаб к1удияб къокъаялъул ва жамаг1аталъул цо гьит1инаб къокъа ун бук1араб ани Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин лъазабизе ва гьеб дин г1адамазда бич1ч1изабизе ва гьел х1арамаб жоялдаса х1инкъулел, лъик1аб жо гьаби бокьулел гьаризе.** Ай гьаб къокъа т1ад ч1ч1ун бук1арабани г1илму лъазабиялда гьеб лъик1 бук1инаан. **Гъазаваталдаса т1ад руссун рач1араб мехалъ жидер къавмазда гьеб дин лъазабизе ва гьел х1арамаб жоялдаса ц1унараллъун рук1ине.**

Муг1алимасда т1адаб жо буго жинца х1акъаб жоялда мутаг1ил т1овит1и ва гьесие Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъани бук1унеб г1азабалдалъун х1инкъи кьейги. Мутаг1иласда т1адаб жо буго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъиялда черх куцазе ва ч1ух1и рецц тун хьвадизе.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ قَٰتِلُواْ ٱلَّذِينَ
يَلُونَكُم مِّنَ ٱلۡكُفَّارِ وَلۡيَجِدُواْ فِيكُمۡ
غِلۡظَةٗۚ وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلۡمُتَّقِينَ ١٢٣

**123. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нужеца рагъ гьабе нужеда г1агардег1ан ругел капурзабаде ва гьезда кьаби щвезабе гьездехун хьач1лъи загьир гьабун. ва гьел нужедаса х1инкъизаре. Нужедаги лъан бук1а Т1адег1анав Аллагь жиндаса х1инкъулел, жив разилъи т1алаб гьабулел муъминзабигун цадахъ вук1ин ва гьезие квербакъулев вук1ин.**

Купру-ширкалдаса ракь бацӀцӀад гьабизе ккани гьеб иш байбихьизе ккола муъминзабазул ватӀаналдаса. Цин ватӀаналда жаниса Аллагьасул ﷻ тушбабиги тӀагӀинарун, хадуб жидеда аскӀор ругел ракьаздасаги тӀагӀинарун, гьадин Аллагьасул ﷻ амру тӀубан гӀуцӀизе ккола исламияб пачалихъ Аллагьасул ﷻ ракьалда тӀад гьев разияб исламияб дин гурони букӀине бегьуларо. Гьаб амру тӀубазе къватӀир рахъарал гӀадамал жидее Аллагь ﷻ разилъи бугел руго. Гьазие ахираталда алжан букӀиналда божиги буго.

وَإِذَا مَآ أُنزِلَتۡ سُورَةٞ فَمِنۡهُم مَّن يَقُولُ
أَيُّكُمۡ زَادَتۡهُ هَٰذِهِۦٓ إِيمَٰنٗاۚ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ
ءَامَنُواْ فَزَادَتۡهُمۡ إِيمَٰنٗا وَهُمۡ
يَسۡتَبۡشِرُونَ ١٢٤

**124. Къуръаналдаса цо сурат рештӀинабураб мехалъ, мунафикъаца абулеб буго: «Щивха вугев нужедаса гьаб сураталъ жиндир иман цӀикӀкӀинабурав чи»** абун Къуръан махсароде гьабун, гьеб сан гьабичӀого абулеб рагӀи буго гьеб. **Ва амма жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъурал чагӀазул иман жеги цӀикӀкӀула Къуръаналдаса аяталги сураталги рештӀинарураб мехалъ ва гьел цоцазде рохел бицун, гьеб Къуръаналдаса роххун ва разилъун рукӀуна.**

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٞ فَزَادَتۡهُمۡ
رِجۡسًا إِلَىٰ رِجۡسِهِمۡ وَمَاتُواْ وَهُمۡ
كَٰفِرُونَ ١٢٥

**125. Ва амма жидер рекӀелъ нипакъалъул унти бугел гӀадамазе гьезул купру-ширкалъул чороклъи ва къабихӀлъи жегиги цӀикӀкӀинабула гьеб Къуръаналъ.** Гьез щибаб аят ва сурат рештӀанщинахъе гьелда инкар кколеб бугелъул, гьелдалъун гьезул къосинги пасикълъиги гӀемерлъула. **Ва гьел гӀадамалги хола жидер купруялда рукӀаго.** Гьезие Абадияб жужахӀалъул гӀазабги хӀакълъула.

أَوَلَا يَرَوۡنَ أَنَّهُمۡ يُفۡتَنُونَ فِي كُلِّ
عَامٖ مَّرَّةً أَوۡ مَرَّتَيۡنِ ثُمَّ لَا يَتُوبُونَ
وَلَا هُمۡ يَذَّكَّرُونَ ١٢٦

**126. Гьал мунапикъазда кин бихьулареб щибаб соналъ цо нухалъ яги кӀиго нухалъ Аллагьас ﷻ жидер къабихӀлъаби рицун, жал къватӀир чӀвазарун инжит гьарулел рукӀин, цингиги гьез тавбо гьабулеб гьечӀо ва жидее гьелъул вагӀзаги лъугьулеб гьечӀо.**
Нипакъалдаса руссун Аллагьасде ﷻ хӀелун тавбо гьабизе ва гьесие гӀибадат гьабизе гьезул гӀакълу гӀолеб гьечӀо.

وَإِذَا مَآ أُنزِلَتۡ سُورَةٞ نَّظَرَ بَعۡضُهُمۡ
إِلَىٰ بَعۡضٍ هَلۡ يَرَىٰكُم مِّنۡ أَحَدٖ ثُمَّ

**127. Гьел мунапикъазда гӀайиб чӀван сурат рештӀинабураб мехалъ, аварагасда ﷺ аскӀор, асхӀабзабазда гьоркьор**

ٱنصَرَفُوا۟ۚ صَرَفَ ٱللَّهُ قُلُوبَهُم بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُونَ ﴿١٢٧﴾

**гьелги рук1ун, гьел доре-гьанире балагьулел руго жидехъ валагьун цониги чи вугодай абун ва хехго гьениса нахъе унел руго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьазул рак1ал иманалдаса руссизарун руго, гьел ругелъул жидеда щибго жо бич1уларел, ах1макъал г1адамал.**

Х1акъаб жо гьезда бич1улеб гьеч1о, гьелъул пикруги гьабулеб гьеч1о, цинги гьел х1айваназда релълъун рук1унел руго: бералги ругел, г1ундулги ругел, бет1ерги бугел, рак1ги бугел, ва амма Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее кьурал гьал алатал гьев разилъиялда сверизарич1ого жидеего балагьалъе сверизарулел. Х1айваназ г1адин напсалъе бокьараб жо т1алаб гьабулел, цоги щибго жоялъул пикру гьабуларел.

لَقَدْ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُم بِٱلْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢٨﴾

**128. Нужехъе нужедаго гьоркьоса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вач1ун вуго, я гьал г1арабиял!** Жиндир къадру к1удияв, жинца нужехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезабулев. **Нужее зах1малъи, къварилъи бук1унеб жо жинда ц1акъ рихунев,** гьеб жиндие бокьуларев. **Нуж х1акъаб нухда т1орит1изе жиндие ц1акъ бокьун бугев ва гьелъие ях1ги бахъулев. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал ва жинда нахърилълъарал муъминзабазда жив ц1акъ гурх1улев, гьезие лъик1лъи лъугьизе бокьулев.**

Т1адег1анав Аллагьасул ц1араздаса бугеб к1иго ц1аралдалъун сипат гьабуна хирияв аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьаб аяталда жаниб,- рауфун, рах1имун абун.

فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَقُلْ حَسْبِىَ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ ۖ وَهُوَ رَبُّ ٱلْعَرْشِ ٱلْعَظِيمِ ﴿١٢٩﴾

**129. Дуда иман лъеялдаса цо къавм буссун ч1ани, дуца абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: Дие г1ей гьабулев цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, жив гурев цоги алагь гьеч1ев. Дица гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ буго тавакал т1амулеб. Ва гьев вуго жиб ц1акъ к1удияб г1арщалъул Бет1ергьан.**

Кинабго махлъукъ бижарав Халикъ вуго, киназего ризкъи кьолев Разикъги вуго, кинабго г1аламалъул тадбир гьабулев Бет1ергьанги вуго.

Жидеда Аллагь разилъаял имам Ах1мадица Ибнуг1аббасидаса бицараб х1адисалъулъ буго гьаб к1иго аят Къуръаналдаса бищун ахиралда рещт1изабураб бугин абун. (128-129 аят)

Жинда Аллагь разилъаяв Абудавудица х1адис бицана: жинда Аллагь разилъаяв Абудардаица абуна: *«Радал ва бакъанида анкьго нухалъ гьеб ахиралда хъвараб аят ц1аларав чиясдаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб къоялъул къварилъи т1аса борхила ва гьесие г1ей гьабила»*- абун.
Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив разияб г1амалалда т1орит1еги.

Сурату Тавбат ва гьелъул тафсир хъван т1убана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун.

Кинабго рецщги Т1адег1анав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 10. Сурату Юнус

سُورَةُ يُونُس

*Маккаялда решт1изабураб, жинда жаниб нусиялда ич1го аятги бугеб.*

*Маккаялда решт1изарурал киналго суратазда релълъун сурату Юнусги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялъул бицунеб буго. Гьединго ахир къиямасеб къоялда иман лъей, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ т1ахьазда ва русулазда иман лъей бицунеб буго, хасго Къуръаналда иман лъеялда ах1улеб буго, жиб даимаб муг1жизатлъун бугеб ва къиямасеб къо ч1езег1ан халкъ т1обит1улеб нурлъунги бугеб.*

*Авалалдаса бай бихьун сураталъ бицунеб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ суннат бук1ин жинца щибаб умматалда расул вит1улеб жиндир рисалат босун. Маккаялъул мушриказ г1ажаиблъи гьабулеб бук1ин жидеда гьоркьоса расул вит1иялда, жегиги эменги гьеч1ев ятим вит1иялда. Цинги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ сипатазул ва гьесие г1ибадат гьабиялъул бицунеб буго. Кинабго махлукъалда балагьун гьелъие Халикъ вук1ин лъазе ккей баян гьабулеб буго. Гьев Халикъ жиндир гьунар-гуч бергьарав вук1ин, жиндир х1алк1олъи ц1акъ ц1ик1арав, жинда релълъарав кинавг1аги хан ва бет1ергьан гьеч1ев вук1ин бицунеб буго.*

*Аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ цо-цо къисаги бицун буго умматалъе ваг1залъун ва г1ибратлъун бук1ине. Юнус аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къиса бицунеб бук1иналъ лъураб буго гьаб сураталда ц1арги сурату Юнус абун.*

*Сураталъул ахиралдаги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда амру гьабулеб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шариг1ат кквеялдалъун ва жинда щолеб къварилъиялда сабро гьабиялдалъунги.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

الٓر ۚ تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱلْكِتَٰبِ ٱلْحَكِيمِ ١

1. **Алиф. Лам. Раъ.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго гьал х1урупаздалъун жиндие бокьараб жо. **Гьал руго жиб мух1канаб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам-Къуръаналъул аятал: жиб х1акимияб гьеб Къуръан,** жинда т1аде щаклъи бач1унареб,

гьереси ва цоцазде данде кколареб жо жиндилъ гьеч1еб.

أَكَانَ لِلنَّاسِ عَجَبًا أَنْ أَوْحَيْنَا إِلَىٰ رَجُلٍ مِّنْهُمْ
أَنْ أَنذِرِ ٱلنَّاسَ وَبَشِّرِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَنَّ
لَهُمْ قَدَمَ صِدْقٍ عِندَ رَبِّهِمْ ۗ قَالَ
ٱلْكَٰفِرُونَ إِنَّ هَٰذَا لَسَٰحِرٌ مُّبِينٌ ﴿٢﴾

2. **Маккаялъул агьлуялъе г1ажаибаб жолъуницщ бихьулеб бугеб дица жидеда гьоркьоса Мух1аммадида ﷺ вах1ю гьабунин абун:** гьеб г1ажаиблъи гьабизе ккараб жо гьеч1о. Дир г1адат буго щибаб къавмалда расуллъун гьезда гьоркьоса чи вит1улеб. **Ва дица гьесда вах1юги гьабула капурал г1адамазе х1инкъи кье абун ахираталда бук1унеб г1азабаздалъун. Ва муъминзабазе рохел бице гьезие Бет1ергьанасда аск1об лъик1лъи бугин абун, гьез дунялалда гьабураб лъик1аб рит1ухъаб г1амалалда данде. Гьадин бугониги капурал г1адамаз гьав Мух1аммад сих1ручи вугин абуна, жинда ц1акъ сих1ро гьабизеги лъалев, жинца бицулеб жоги бат1улаб бугев.** Жив авараг вуго абураб, жинда Къуръан решт1изабула абураб раг1и гьереси буго абуна Маккаялъул мушриказ.

إِنَّ رَبَّكُمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ
فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۖ
يُدَبِّرُ ٱلْأَمْرَ ۖ مَا مِن شَفِيعٍ إِلَّا مِنۢ بَعْدِ إِذْنِهِۦ ۚ
ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ فَٱعْبُدُوهُ ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٣﴾

3. **Х1акълъунго нужер Бет1ергьан жив цогояв, кинабго махлукъаталъул ханлъун вугев Аллагь ﷻ вуго. Жинца зобалги ракьалги анлъго къоялда жанир рижарав, цинги живги г1арщалда т1адег1анлъарав,** жиндир къадро к1одолъиялда рекъараб х1алалъ, Нилъеда куц-рахъги лъалареб нилъ жинда хадубги гъолареб.

Гьаб раг1иялъулъ ва гьалда релълъарал цогидал раг1абазулъги, масала: «Аллагьасул ﷻ квер гьезул кверазда т1ад буго»-абураб. Нилълъер -агьлу сунна валжамаг1аталъул- мазгьаб буго ва рек1ел ч1ей буго Т1адег1анав Аллагьас Къуръаналда абураб х1алалъ ва гьесул расулас ﷺ х1адисалдаги бицараб х1алалъ гьелда иман лъей ва цогидаб жо ц1ехеч1ого тей. Аллагь ﷻ кивго вуго абураб маг1на бит1ун бук1унаро. Аллагьасда ﷻ кинабго жо бихьула, лъала. Амма жиндир г1илмуядалъун кивго вуго Аллагь ﷻ абизе бегьула. Аллагьасул ﷻ квер буго, бер буго абизе бегьула ва амма гьеб нилъер квералда, яги бералда релълъараб буго абураб жо рак1алда ккезе бегьуларо. Жиндаго Аллагьасда ﷻ лъала жиндир заталъул сипатал.

Гьаб буго г1адамазул пикраби г1емер т1ад х1алт1улеб бак1, г1емерисезул пикру мекъи ккеялда х1инкъараб бак1ги буго. Гьедин бугелъул Аллагьасги ﷻ гьесул расуласги ﷺ баян гьабич1еб жо нилълъеца баян ц1ехеч1ого тей буго нилълъ бит1араб нухда

т1орит1арал рук1инальул г1аламат.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зобал ракьал анльго къоялда жанир рижана абураб раг1иги гьабго масъалаялда рельльараб буго. Зоб-ракь бижилелде цебе сордо-къоги бук1инч1о, гьеб анльго сордо-къоялда х1ажатав Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ вук1инч1о. Гьаб раг1иги нильер г1акълу-льаялда бич1улеб мисал бачин буго, ва гьабулеб ишальуль г1едег1унг1ут1и льик1аб бук1иналда ишараги буго.

**Жинца халкъальул тадбир гьабулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ,** жиндир х1икматалда рекъон, ва лагъзадерие маслах1ат бугеб жо гьабун, гьев щибго жояль гьеб тадбир гьабиялдаса машгъулги гьавуларо. **Къиямасеб къояль жинца шапаг1ат гьабизе к1олев цониги чи гьеч1о гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ изну кьун хадуб гурони.** Мушриказ жидее лагъльи гьабураб жояль гьезие щибго шапаг1ат гьабуларо: гьал к1иялго цадахъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жужах1 боркьулеб ц1уллъун гьенир жанир льугьизарула. **Гьав вуго нужер х1акъав Бет1ергьан Аллагь. Гьав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабе нужеца г1ибадат. Гьаб Къурьанальул ваг1за босуларищ гьел мушриказ?**

إِلَيۡهِ مَرۡجِعُكُمۡ جَمِيعٗاۖ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقًّاۚ إِنَّهُۥ
يَبۡدَؤُاْ ٱلۡخَلۡقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ لِيَجۡزِيَ ٱلَّذِينَ
ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ بِٱلۡقِسۡطِۚ وَٱلَّذِينَ
كَفَرُواْ لَهُمۡ شَرَابٞ مِّنۡ حَمِيمٖ وَعَذَابٌ
أَلِيمُۢ بِمَا كَانُواْ يَكۡفُرُونَ ٤

**4. Гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ буго нуж киназулго ахиратalда руссинги. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къот1иги х1акъаб, жиб хисулареб буго. Кинабго халкъ бижи жинца бай бихьарав вуго, цинги ахираталда ц1идасан т1аде рахъинаризеги руго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва ахираталда иман льун, льик1аб г1амал гьабун хьвадарал г1адамазе бит1араб, г1адилаб жазаъ гьабизе. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал г1адамазе гьекъезе кьезе буго жужах1альул х1амим:**
жиб ц1акъ бух1араб, гьалдолеб, мах1цараб льим, жиб гьекъараб мехаль гьан турун, бортун унеб. **Ва гьезие жинца унтизабулеб г1азабги гьабизе буго жидеца дунялалда гьабураб купру-ширкалда данде жазаъльун.**

هُوَ ٱلَّذِي جَعَلَ ٱلشَّمۡسَ ضِيَآءٗ وَٱلۡقَمَرَ نُورٗا
وَقَدَّرَهُۥ مَنَازِلَ لِتَعۡلَمُواْ عَدَدَ ٱلسِّنِينَ
وَٱلۡحِسَابَۚ مَا خَلَقَ ٱللَّهُ ذَٰلِكَ إِلَّا بِٱلۡحَقِّۚ
يُفَصِّلُ ٱلۡأٓيَٰتِ لِقَوۡمٖ يَعۡلَمُونَ ٥

5. **Гьев** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго** жиндие г1ибадат гьабизе т1адав Бет1ергьан, **жинца бакъ гьабурав гвангъараб, кенч1олеб чирахъ г1адин.**

Кинабго ракьалда жиндир канльи ва хинльи щолеб, жиндир канльиялдальун инсанасе

ракьалда т1ад хьвадун маг1ишат гьабизе рес лъугьулеб, жиндир канлъиялдалъун ракьалда т1ад хур-хер, ахал рижизе сабаб лъугьулеб. **Жинца моц1ги гьабурав вуго гьев Аллагь ﷻ нурлъун.** Бакъул кунч1и жинда щвараб мехалъ гьеб моц1 жинца канлъи кьолеблъун лъугьуна, бакъул ч1орал жиндир т1охалъ (гьумералъ) рекизарун.

**Гьеб моц1алъе жиб хьвадулел ва решт1унел нухалги гьаруна: нужее сонал рик1к1изе лъазе ва къоязул, анкьазул, моц1азул х1исабги лъазе. Гьаб бакъ- моц1ги, зобал-ракьалги Аллагьас ﷻ жиндир х1икматалдалъун рижана, жиндилъ мунпаг1ат бугеб х1алалальги рижана.** Жинца х1акъаб жо гьабулевлъун вук1унги рижана. Г1ададасеб жолъун бижич1о. **Гьадин Аллагьас ﷻ жиндир х1икматал баян гьарула жо бич1улел г1адамазе.**

Т1адег1анав Аллагьас жинца бижараб махлукъаталъул сипатал рицуна гьелдалъун жив Халикъ вук1ин г1адамазда лъазе, жиндир х1алк1олъи бич1изе ва жив кинабго г1аламалъул цох1огояв хан вук1ин лъазе. Цинги Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъун гьесие г1ибадат гьабун г1адамал хьвадизе. Ва амма г1емерисел г1адамал гьал х1икматал жидеда рихьуларел, гьезул пикру гьабуларел ва жидеца Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, ахираталдаги иман лъоларел руго.

إِنَّ فِي ٱخۡتِلَٰفِ ٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِ وَمَا خَلَقَ ٱللَّهُ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يَتَّقُونَ ٦

**6. Х1акълъунго сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулъ, гьединго зобал- ракьазда жаниб Аллагьас ﷻ бижараб г1емераб г1ажаибаб рух1 бугеб ва рух1 гьеч1еб махлукъаталъулъ жидеца т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго гьел рижарав, гьезул тадбир гьабулев Бет1ергьан вук1иналда. Гьел г1аламатал лъала ва загьирлъула Аллагьасдаса ﷻ х1инкъарал муъминзабазда.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ لَا يَرۡجُونَ لِقَآءَنَا وَرَضُواْ بِٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَٱطۡمَأَنُّواْ بِهَا وَٱلَّذِينَ هُمۡ عَنۡ ءَايَٰتِنَا غَٰفِلُونَ ٧ أُوْلَٰٓئِكَ مَأۡوَىٰهُمُ ٱلنَّارُ بِمَا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ٨

**7.8. Х1акълъунго ахираталда Аллагьасда ﷻ данде ч1ваялда ва х1исаб-мизан гьабизе бук1иналда божуларел г1адамазда рихьуларо ва рич1ч1уларо гьел г1аламатал. Дунялалъул ч1аголъиялда жал разилъарал, гьелда рак1гъун, х1алхьон, Аллагьасул ﷻ г1аламатаздаса гъапуллъунги ругел. Гьал г1адамал руго гьел руссунеб бак1 жужах1алъул ц1а бугел, гьез дунялалда гьабураб г1амалалъе жазаълъун.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ

**9. Жидеца Аллагьасда ﷻ ва ахираталда**

يَهْدِيهِمْ رَبُّهُم بِإِيمَٰنِهِمْ تَجْرِي مِن تَحْتِهِمُ ٱلْأَنْهَٰرُ فِي جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ﴿٩﴾

**иман лъун, аварагасда ﷺ нахърилълъун лъик1аб г1амал гьабурал г1адамал гьеб жидер иман лъеялдалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ т1орит1ула алжаналде унеб нухалда, жал даимго жанир рук1улел гьел алжанал, жидеда жанир г1оралги ч1вахулел.**

دَعْوَىٰهُمْ فِيهَا سُبْحَٰنَكَ ٱللَّهُمَّ وَتَحِيَّتُهُمْ فِيهَا سَلَٰمٌ وَءَاخِرُ دَعْوَىٰهُمْ أَنِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿١٠﴾

**10. Алжаналда жаниб жидер дуг1а бук1уна: «Мун вац1адав вугоха Аллагь جَلَّجَلَالُهُ»-абун.**

Гьезул калам бук1уна Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ад гьавиялда хурхараб. Гьаб раг1иялъ кант1изарулел руго Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ширк гьаби, гьесул заталда ва къадроялда рекъоларел сипатал гьари алжаналда рук1улел г1адамазул т1абиг1ат гьеч1олъиялда.

**Жидер цоцазде гьабулеб тах1иятги (к1одо гьари). «салам» абун аби бук1уна.** Гьединго гьезие тах1ият гьабула малаикзабазги «саламун г1алайкум» абун. **Ахирабги жидер дуг1а ва калам ﴿ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ﴾ аби бук1уна:** «Кинабго рецц дуе буго Бет1ергьан Аллагь, дурго ц1об рах1маталдалъун ниж дунялалъул рукъор иман-исламалда т1орит1арав, мун лъалев, дуе г1ибадат гьабулел ниж гьарурав, ва ахираталда гьал алжанал кьун ниж хира гьарурав ва к1одо гьарурав»-абун.

۞ وَلَوْ يُعَجِّلُ ٱللَّهُ لِلنَّاسِ ٱلشَّرَّ ٱسْتِعْجَالَهُم بِٱلْخَيْرِ لَقُضِيَ إِلَيْهِمْ أَجَلُهُمْ فَنَذَرُ ٱلَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَآءَنَا فِي طُغْيَٰنِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١١﴾

**11. Т1адег1анав Аллагьас г1адамазе гьезул квешаб дуг1аялъе жаваб кьейи хех гьабулеб бук1арабани жидер лъик1аб дуг1аялъе жаваб кьейи хех гьабулеб г1адин, гьел г1адамал гьалаг гьарилаан.**

Инсанас щибго ургъич1ого, к1вар гьабич1ого, жиндир ццим бахъараб, рак1 къварилъараб мехалъ жиндирго напсалъе, лъимал- хъизаналъе квешаб дуг1а гьабула, (хьандола). Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб хьандей жаваб кьеч1ого тола: квешаб жо гьабизе бокьуларого Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.

Цоги г1алимзабаца абуна: гьаб раг1и буго Маккаялъул мушриказде абураб, гьез абураб мехалъ: «гьаб ахират бук1ин ва г1азаб бук1ин х1акъаб батани нижеда т1ад зодисан ганч1ал реч1ч1е»-абун. **Ахираталда иман лъеч1ел, дида ццере ч1еялда божун гьеч1ел г1адамал дица жидерго къосиналъулъ тола.** Гьезие г1азаб гьаби хех гьабуларо, жидее ниг1матал кьун тола. Ахираталда щвараб мехалъ

жидее гьабулеб г1азабги гьелда рекъон ц1ик1к1уна.

وَإِذَا مَسَّ ٱلْإِنسَٰنَ ٱلضُّرُّ دَعَانَا لِجَنۢبِهِۦٓ أَوْ
قَاعِدًا أَوْ قَآئِمًا فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُ
ضُرَّهُۥ مَرَّ كَأَن لَّمْ يَدْعُنَآ إِلَىٰ ضُرٍّ مَّسَّهُۥ
كَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِلْمُسْرِفِينَ مَا كَانُوا۟
يَعْمَلُونَ ﴿١٢﴾

**12. Инсанасда цо къварилъи хъат1араб мехалъ гьев дида ах1улев вуго: вегун вугониги, вахъун вугониги, эхетун вугониги.**

Ай: кинабго х1алалъ дида зигардула инсан жинда цо къварилъи щвараб мехалъ. **Гьеб къварилъи т1асса босун дица жив парахат гьавураб мехалъ гьев инсан добго г1асилъиялда ва пасикълъиялда хьвадула ва дида жив х1елунго вук1инч1ев г1адин жинда дунги к1очона.** Гьал г1адамазда къварилъи щвараб мехалъ, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рак1алда щун, гьеб къварилъи т1аса араб мехалъ Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ рак1алдаса ун гьел рук1унел г1адин. Гьедин **Дица киналго квешал г1адамазе, жидер мунагьазул г1орхъи-рахъ гьеч1ел пасикъзабазе, гьезул г1амал берцин бихьизабун, гьеб гьабулел тола.** Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ ахиратги к1очон жидер гьава- напсалда, шагьватазда нахърилълъун тола. Жидецаго т1аса бищараб г1амал бугелъул, жал гьеб г1амалалда тола.

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا ٱلْقُرُونَ مِن قَبْلِكُمْ لَمَّا ظَلَمُوا۟
وَجَآءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ وَمَا كَانُوا۟
لِيُؤْمِنُوا۟ كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْقَوْمَ ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿١٣﴾

**13. Дица нужеда цере рук1арал умматалги гьалаг гьаруна жидеца ракьалда пасалъаби гьаридал. Гьезухъеги русулал рач1ана дир рахъалъан х1акъал х1ужабигун ва муг1жизаталгун. Гьел умматаз иман лъеч1о ва гьел жидеца иман лъолелги рук1инч1о. Гьел цересел умматазе гьабураб г1адаб жазаъ гьабула дица цогидал жидеца иман лъоларел, купру-ширкалда ч1арал г1адамазеги.** Гьебго г1азаб щвезе бегьула гьаб Маккаялъул агьлоялдаги.

ثُمَّ جَعَلْنَٰكُمْ خَلَٰٓئِفَ فِى ٱلْأَرْضِ مِنۢ
بَعْدِهِمْ لِنَنظُرَ كَيْفَ تَعْمَلُونَ ﴿١٤﴾

**14. Цинги гьел цересел умматал гьалаг гьарун хадуб рижана нуж ракьалда ва гьезул бак1алда халифабилъун гьаруна: нужеца щиб г1амалдай гьабулаян балагьизе** ва гьеб г1амалалда релълъараб жазаъги гьабизе.

Т1адег1анав Аллагь жиндир азалияб лъаялдалъун жинда лъалев вуго лагъзадерица гьабизе бугеб г1амал. Гьел лагъзал рижун ракьалда хьвадизе риччаялдаса мурад бук1уна загьираб, бихьулеб лъаялдалъунги гьез гьабулеб г1амал лъай, гьеб г1амалалъе жидецаго нуг1лъи гьабизе ва цогидал г1адамазги, малаиказги нуг1лъи гьабизе. Ахираталда жазаъ

гьабулеб мехалъ т1убараб х1ужа-далилаздалъун жидее гьабулеб жазаъ жидер г1амалаздалъун бук1иналъе гьел лагъзал мук1ур гьаризе.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ءَايَاتُنَا بَيِّنَٰتٍ قَالَ
ٱلَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَآءَنَا ٱئْتِ بِقُرْءَانٍ
غَيْرِ هَٰذَآ أَوْ بَدِّلْهُ قُلْ مَا يَكُونُ لِيٓ أَنْ
أُبَدِّلَهُۥ مِن تِلْقَآيِٕ نَفْسِيٓ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا
يُوحَىٰٓ إِلَيَّ إِنِّيٓ أَخَافُ إِنْ عَصَيْتُ رَبِّي
عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿١٥﴾

**15. Гьел мушриказе дир Къуръаналъул маг1на баянал аятал ц1алараб мехалъ жидеца ахираталда иман лъоларел г1адамаз абулеб буго: мун гьаб гуреб цоги Къуръан босун вач1а, яги дуца гьаб хисизабеян абун.**

Гьениб жаниб ниж какарал аятал ругеб бак1 хисизабе. Г1азабалъул аятал нахъе реххе, х1арамаб жо х1алалаблъун гьабе абун. Нижер алагьзаби какараб бак1 нахъе реххун гьел рецци хъвай Къуръаналда абун. Гьаб кинабго жо буго Къуръанги, аварагги ﷺ махсароде гьавун абулеб раг1и.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, дун дие бокьараб жо гьабулев чи гьеч1о ва дица гьеб Къуръанги хисизабуларо. Дун нахъвилъльарав вуго Аллагьас ﷻ дида вах1ю гьабураб жоялда.** Дун вуго Аллагьасул ﷻ амру т1убалев гьесул лагъ ва халкъалда гьесул рисалат щвезабулев расул. **Х1акълъунго Дун къиямасеб къоялъ Бет1ергьан Аллагьасул г1азаб щвеялдаса х1инкъула дица гьесул амруялда г1исилъи гьабуни.**

قُل لَّوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَا تَلَوْتُهُۥ عَلَيْكُمْ وَلَآ
أَدْرَىٰكُم بِهِۦ فَقَدْ لَبِثْتُ فِيكُمْ
عُمُرًا مِّن قَبْلِهِۦٓ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿١٦﴾

**16. Дуца абе Мух1амад т1адег1анав Аллагьасе бокьун бук1араб ани дица нужее гьаб Къуръан ц1аличЈого бук1ин, дица гьеб ц1алилароан. Дица нужеда гьениб жаниб бугеб жоги лъазабилароан.**

Дун вуго Аллагьасул ﷻ амру т1убалев ва гьесул калам нужеде щвезабулев илчи. **Гьалда цеве дун нужгун цадахъ г1умру гьабун вук1ана г1емераб заманаялъ.** К1икъогоялдасаги г1емерал соназ. Гьеб заманаялъ дица нужее Къуръан ц1алулеб бук1инч1о гурищ?. **Гьаб жоялъул пикру кин гьабулареб нужеца.** Ва нужеда кин бич1улареб гьаб Къуръан Аллагьасул ﷻ калам бук1ин.

Пахрурази абулев г1алимас абуна: Маккаялъул капурзабазе Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг лъалев вук1ана гьев гьавураб къоялдаса байбихьун жинда Аллагьас ﷻ вах1ю гьабизег1ан, гьесул киналго ах1валалги жидеда рихьулел рук1ана. Гьев т1ехь ц1алуларев вук1инги, цониги г1алимасда ццеве ц1алич1ев вук1инги гьезда лъалеб бук1ана. Цинги к1икъого сон бан хадуб жив гьаб г1ажаибаб Къуръан босун

жидехъе вач1ана: пасих1ал г1арабиязда жинда къец гьабизе к1веч1еб, жиб гьереси гьабизе к1веч1еб, жинца Аллагь ﷻ цо гьавиялъул г1елму бицунеб, шарг1иял ах1камалги рицунеб, берцинал т1абиг1аталги жинца малъулеб, цересел умматазул жидеда г1адамал раккуларел балъгоял къисабиги рицунеб. Жиндир сахаб г1акълоги сах1их1аб рак1ги бугев чиясда лъалеб гьаб Къуръан г1адамас ургъараб калам гьеч1еблъи, гьалда релълъараб жо Аллагьасул ﷻ вах1юялдалъун гурони бук1унареблъи.

فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِـَٔايَٰتِهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿١٧﴾

**17. Жиндир зулму к1удияв чи щивха вук1унев Аллагьасда ﷻ г1унт1изе гьабун жинца гьереси бицунев чиясдаса, яги жинца Аллагьасул ﷻ Къуръанги расуласул муг1жизаталги гьереси гьарулев чиясдаса. Аллагьасда ﷻ инкар ккураб, расуласда данде ч1араб г1асияб къавмалъул лъик1лъиялда кверщел батунгут1и буго х1акъаб жо.** Гьезие щоларо дунялалъул ва ахираталъул бахьибуголъи.

وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُمْ وَلَا يَنفَعُهُمْ وَيَقُولُونَ هَٰٓؤُلَآءِ شُفَعَٰٓؤُنَا عِندَ ٱللَّهِ ۚ قُلْ أَتُنَبِّـُٔونَ ٱللَّهَ بِمَا لَا يَعْلَمُ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَلَا فِى ٱلْأَرْضِ ۚ سُبْحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿١٨﴾

**18. Мушриказ г1ибадат гьабулеб буго Аллагьги ﷻ живго тун,** гьесие гьабизе х1акъаб г1ибадатги гьабич1ого, **жидее щибго заралги гьабуларел, мунпаг1атги гьабуларел алагьзабазе. Цинги жидецаги абулеб буго гьал ругин Аллагьасда аск1ор жидее шапаг1ат гьабулел абун.** Гьел алагьзабиги жидецаго гьарурал ганч1ил, ц1улал ва цоги щиб бугониги жоялъул хъанчал руго.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нуж Аллагьасда ﷻ лъалареб жо гьесда бицунелищ ругел. Гьес рижарал зобал-ракьазда жанир гьесда лъаларел алагьзаби руго абун жидеца нужее шапаг1ат гьабулел?** Ц1акъ ах1макъаб г1акъло ва пикру буго нужер гьеб! **Гьев Аллагь ﷻ ц1акъ вац1ц1адав вуго ва Т1адег1анав вуго капурзабаца жиндие гьарулел бат1улал сипатаздаса.**

وَمَا كَانَ ٱلنَّاسُ إِلَّآ أُمَّةً وَٰحِدَةً فَٱخْتَلَفُوا۟ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَقُضِىَ بَيْنَهُمْ فِيمَا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿١٩﴾

**19. Адам аварагасдаса ؑ бай бихьун Нух1 аварагасда ؑ щвезег1ан киналниги г1адамал цо уммат бук1ана.** Исламияб диналда бугеб. **Цинги гьел г1адамаз жидер диналъулъ хилиплъи**

**гьабуна.** Жидеца хъанчазе ва суратазе (статуи) г1ибадат гьабизе бай бихьана. Цинги Т1адег1анав Аллагьас жиндир расулал рит1ана гьезие х1инкъи кьезе ва роххел бицине. **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабураб къот1и-къадар бук1инч1ебани:** т1обараб, камилаб жазаъ ахираталда гьабизе буго абураб. **Дунялалдаго гьезда гьоркьоб х1укму гьабизе бук1ана гьел жиндилъ хилиплъараб диналъулъ.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат гьабурал хвасар гьарун, купру-ширк гьабурал гьалаг гьаризе рук1ана.

وَيَقُولُونَ لَوْلَآ أُنزِلَ عَلَيْهِ ءَايَةٌ مِّن رَّبِّهِۦ فَقُلْ إِنَّمَا ٱلْغَيْبُ لِلَّهِ فَٱنتَظِرُوٓا۟ إِنِّى مَعَكُم مِّنَ ٱلْمُنتَظِرِينَ ﴿٢٠﴾

**20. Гьез абулеб буго Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан нижеда цо г1аламат, муг1жизат решт1инабулеб анищ-абун. Дуца гьезда абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, кинабго балъгояб ва рик1к1адаб жо Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аск1об буго.**

Гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъала жинца гьабизе кколеб жо. **Нуж балагьун ч1а щиб къодай нужеда бихьила абун.** Нуж рижарав, нуж хьихьулев Бет1ергьанасда данде къецандараб мехалъ. **Нижги балагьун ч1арал руго гьев Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан бач1улеб амруялда.**

Ибнукасирица абуна: цо инсанас раг1и бицараб мехалъ: бит1араб бугониги гьеб раг1и, гьересияб бугониги, гьелъул г1аламат гьесул гьумералда загьирлъула бакъул нург1адин. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинда вихьарав ва жив авараг вуго абун гьереси бицарав Мусайламат вихьарав чиясда гьев к1иясдаго гьоркьоб бец1аб сордоялдаги зух1аялъул г1ужалъ къоялдаги гьоркьоб г1адаб бат1алъи лъалеб бук1ана.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Саламидаса х1адис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялда вач1араб мехалъ цо г1адамал гьесдаса рик1к1алъун ч1ана.* (ягьудиял руго гьал, гьав Г1абдуллагьги ягьудиязул г1алимчи вуго). *Дунги вук1ана рик1к1алъун ч1аразда гьоркьов. Дида расулуллагь вихьарабго лъана гьесул гьумер жинца гьереси бицунев чиясул гьеч1еблъи. Бищунго цебе дида раг1араб жоги бук1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул раг1и: «Я гьал г1адамал! Нужеца цоцазе салам кье, вакъарасе т1аг1амги кье, г1агарлъиялда, мадогьаллъиялда гьоркьоб рах1мо-ц1обги гьабе. Нужеца сардилъ т1аде рахъун какалги рай, цогидал г1адамал кьижун ругеб мехалъ. Гьаб г1амал гьабулеб бугони нуж лъугьине руго алжаналда жанир, нуж сах-саламат рук1ун»*-абун.
Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Гьесул гьумерги бихьараб мехалъ, раг1иги раг1араб мехалъ Г1абдуллагьида якъинлъун лъана Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад рит1ухъав авараг вук1ин, гьесул рисалатги х1акъаб бук1ин.

وَإِذَآ أَذَقۡنَا ٱلنَّاسَ رَحۡمَةٗ مِّنۢ بَعۡدِ ضَرَّآءَ مَسَّتۡهُمۡ إِذَا لَهُم مَّكۡرٞ فِيٓ ءَايَاتِنَاۚ قُلِ ٱللَّهُ أَسۡرَعُ مَكۡرًاۚ إِنَّ رُسُلَنَا يَكۡتُبُونَ مَا تَمۡكُرُونَ ٢١

**21. Маккаялъул агьлуялда дица лъик1лъи бихьизабидал, жидеда къварилъи щун бук1ун хадуб, цингиги гьез дир Къуръан гьереси гьабулеб буго ва гьелда т1ад релъанхъулел руго. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ц1акъ хехав вуго гьеб нужер макроялда данде жазаъ гьабизе-абун. Х1акълъунго дир малаикзабаца хъвалеб буго нужеца гьабулеб г1амал ва нужер х1илла макро.** Гьеб дида балъго хут1улеб гьеч1о ва гьелъие жазаъ гьабизе буго.

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицана: Маккаялъул агьлоялъе анкьго соналъ ц1ад бач1ого хур-хер бакъван жал гьалаглъиялда г1агарлъун рук1ана. Цинги жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рач1ун гьесда гьарана жидее ц1ад гьарун дуг1а гьабе абун ва гьез иман лъезе къот1иги гьабуна. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда гурх1ун ц1ад базабидалго гьел жидерго купруялда руссана, ва добго х1алхъублъи, х1асадги гьабуна. Гьеб х1ал бицун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аятги решт1инабуна (21 абилеб аят).

هُوَ ٱلَّذِي يُسَيِّرُكُمۡ فِي ٱلۡبَرِّ وَٱلۡبَحۡرِۖ حَتَّىٰٓ إِذَا كُنتُمۡ فِي ٱلۡفُلۡكِ وَجَرَيۡنَ بِهِم بِرِيحٖ طَيِّبَةٖ وَفَرِحُواْ بِهَا جَآءَتۡهَا رِيحٌ عَاصِفٞ وَجَآءَهُمُ ٱلۡمَوۡجُ مِن كُلِّ مَكَانٖ وَظَنُّوٓاْ أَنَّهُمۡ أُحِيطَ بِهِمۡ دَعَوُاْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ لَئِنۡ أَنجَيۡتَنَا مِنۡ هَٰذِهِۦ لَنَكُونَنَّ مِنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ٢٢

**22. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер Бет1ергьан, жинца нуж ракьалдаги ралъадалдаги т1ад хьвадизарулев. Нуж гамида рек1ун ралъадалда т1ад ругеб мехалъ, берцинаб, лъик1аб гьуриялъ бачун гьеб гамаги цебехун унеб мехалъ ва гьелдаса роххун, разилъун, рак1 г1одоб биччан нужги рук1адго, цо квешаб, къуватаб гьури бач1ани, гьеб гьороца ункъабго рахъалъан кутакал карачелалги нужеда т1аде рачани, ва гьанжени ниж гьалаглъила ва нижее рорч1изе бак1 гьеч1ин нужеда рак1алдаги ккараб мехалъ,- нужеда киналго алагьзаби к1очола ва цох1о Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссун, гьесие х1елун, гьесда ах1и бала: «Дуца ниж гьаб балагьалдаса хвасар гьаруни ниж дуе ц1акъ щукро гьабулеллъун рук1ина»-абун.**

Къурт1убияс абуна: гьаб аяталда жаниб т1орит1ел гьаби буго

халкъалъул рижин, гьезул т1абиг1ат бук1иналда ц1акъго къварилъи ккараб мехалъ жал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссунеб. Чара т1аг1ун, рес къот1уда ккун гьабураб дуг1аялъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жавабги гьабула гьев капурчи вугониги. Гьесул киналго хьулал къот1ун ругелъул ва гьевги киналго ханзабазул ханасухъе к1анц1ун вугелъул.

Х1асанул Басрияс абуна: «Мухлиссина» (цох1о Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарула) абураб раг1иялъул маг1на: Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялъулъ бугеб ихлас гуро гьеб. Гьеб буго жидее гьеб х1алалъулъ квербакъулев ва кумек гьабулев чи цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони гьеч1еблъи лъай. Гьаб иман лъей буго хвалида г1агарлъидал бугеб ва гьалдалъун гьел жужах1алдаса хвасарлъуларо. Гьаб иман лъей унгояб гьеч1еблъи бицун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

فَلَمَّآ أَنجَىٰهُمْ إِذَا هُمْ يَبْغُونَ فِى ٱلْأَرْضِ بِغَيْرِ
ٱلْحَقِّ ۗ يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنَّمَا بَغْيُكُمْ عَلَىٰٓ أَنفُسِكُم ۖ
مَّتَـٰعَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ ثُمَّ إِلَيْنَا مَرْجِعُكُمْ
فَنُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Цинги жал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хвасар гьаруураб мехалъ жидеца цебего гьабулеб бук1араб пасалъиялда, купру-ширкалда хьвадулел руго. Я гьал г1адамал! Гьеб нужеца гьабулеб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъи, гьесда данде рахъи, нужерго напсазе бугеб зулму буго. Нужеца гьелъухъ бичун босулеб ва жиб т1алаб гьабулеб жоги хехго т1аса унеб дунялалъул боц1и-мал, шагьват-лазат буго.** Гьелъул г1акъуба г1азабги нужеда т1ад хут1улеб буго. **Цинги нуж киналго диде руссине руго ва нужеда бицине буго щивас гьабураб г1амал ва гьелда рекъараб жазаъги гьабизе буго.**

إِنَّمَا مَثَلُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا كَمَآءٍ أَنزَلْنَـٰهُ مِنَ
ٱلسَّمَآءِ فَٱخْتَلَطَ بِهِۦ نَبَاتُ ٱلْأَرْضِ مِمَّا
يَأْكُلُ ٱلنَّاسُ وَٱلْأَنْعَـٰمُ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَخَذَتِ
ٱلْأَرْضُ زُخْرُفَهَا وَٱزَّيَّنَتْ وَظَنَّ أَهْلُهَآ أَنَّهُمْ
قَـٰدِرُونَ عَلَيْهَآ أَتَىٰهَآ أَمْرُنَا لَيْلًا أَوْ نَهَارًا
فَجَعَلْنَـٰهَا حَصِيدًا كَأَن لَّمْ تَغْنَ بِٱلْأَمْسِ ۚ كَذَٰلِكَ
نُفَصِّلُ ٱلْـَٔايَـٰتِ لِقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Х1акълъунго гьаб дунялалъул ва гьениб бугеб ч1аголъиялъул мисал буго зодисан берцинаб ц1адги бан, гьелъ ракьалда т1ад бижизабураб хур-хералъул мисал.**
Керчаб г1емераб, бат1и-бат1ияб. **Жиб г1адамазги х1айваназги кваналеб. Хур-хер бижун камиллъун ракь берцинлъараб мехалъ ва жибги къач1араб мехалъ.** Т1ощел ц1обан, пихъал рарщун, бах1арасухъе ячун уней бах1арай къач1алей г1адин кинабго рахъ лъик1лъидалго.

**Цинги г1адамазда рак1алдаги ккедал гьанже гьаб хур-хер, ахал жедер ихтиярралда ругин ва гьанже нижеца гьалдаса**

**мунпаг1ат босилин абун, гьеб ракьалда т1ад дир рахъалъан жиб гьалаг гьабилъун бугеб цо амру бач1араб, релъедал бугониги, къад бугониги. Цинги дица бецун г1одоб бараб г1адин гьабураб. Гьеб ракьалда т1ад цебесеб къоялъ щибго жо бук1инч1еб х1алалъ.**

Гьеб ракьалда вук1инч1ев, гьеб бихьич1ев чи т1аде щвани, гьесда рак1алда кколеб гьаб ракьалда т1ад хур-хер бук1унго гьеч1ин абун. **Гьадин баян гьарула дица дир аятал ва х1икматал жидеда жо лъалел г1адамазе. Гьез пикру гьабизе ва г1ибрат босизе.** Ва амма ах1макъал г1адамал, Аллагьасда ﷻ инкар ккурал зулмучаг1и, жидее гьабураб ваг1за-насих1аталъул пайда босуларел руго.

وَٱللَّهُ يَدۡعُوٓاْ إِلَىٰ دَارِ ٱلسَّلَٰمِ وَيَهۡدِي مَن يَشَآءُ إِلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسۡتَقِيمٖ ٢٥

**25. Аллагь ﷻ жинца лагъзал ах1улев вуго. «Дару-ссалам» абулеб алжаналда. Гьеб алжан бокьарал г1адамазда бит1араб, исламияб нух малъун, гьелда т1орит1улевги вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Жабир ибну Г1абдуллагьидаса х1адис бицана: *«Цо къоялъ нижехъе Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вач1ана ва гьес абуна: дида макьилъ бихьана Жабраил малаик дир бет1ералда аск1ов вугев г1адин, Микаил малаик дир х1ат1азда аск1ов вугев г1адин. Цинги гьезул цояс абулеб буго цогидасдехун: «Гьав чиясул мисал щиб бугеб бице дуца» абун. Гьесие жаваб гьабуна: «Дур ва дур умматалъулги мисал буго цо ханас к1удияб азбар г1уц1араб г1адин. Гьениб жаниб цо рукъги бан, гьениб г1емераб квен-т1ехги х1адурун берцинаб т1ут1ги лъун, халкъалда ах1изе расул вит1арав гьеб т1аг1ам кванaзе рач1а абун. Цояз гьев расуласе жаваб гьабула, цогидаз гьабич1ого тола. Гьав ханги Аллагь ﷻ вуго гьаб азбарги ислам буго, гьеб рукъги алжан буго, мунги я Мух1аммад ﷺ гьев расул вуго. Дуе жаваб кьурав чи исламалъулъ лъугьуна, гьелъулъ лъугьарав алжаналда лъугьуна, алжаналда лъугьарас гьел ниг1маталги кванала»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

۞لِّلَّذِينَ أَحۡسَنُواْ ٱلۡحُسۡنَىٰ وَزِيَادَةٞۖ وَلَا يَرۡهَقُ وُجُوهَهُمۡ قَتَرٞ وَلَا ذِلَّةٌۚ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَنَّةِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٦

**26. Дунялалъул рукъоб Аллагьасда ﷻ иманги лъун лъик1аб г1амалги гьабун хьвадарал г1адамазе Аллагьасул ﷻ рахъалъан хирияб алжан буго. Гьелдаги т1ад к1удияб ниг1матлъун бугеб Аллагьасул ﷻ гьумералда балагьиги буго. Гьал г1адамазул гьурмазда ч1ег1ерлъи, х1урги бук1унаро. Гьел**

**г1одорег1анлъулеб х1акъирлъулеб асарги бук1унаро. Гьал руго алжаналъул бет1ергьаби. Даимго рук1инелъун Аллагьас ﷻ гьенире лъугьинарулелги руго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ссугьайб асх1абасдаса х1адис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Х1исаб-мизан т1убан алжаналъул агьло алжанада лъугьиндал, жужах1алъул агьло гьенирги лъугьиндал, цо ах1улев чияс ах1ула: «Я алжаналъул агьло! Нужее Аллагьас ﷻ гьабураб цо къот1и буго, гьеб къот1и гьанже т1убазабизе буго»-абун. Гьезги абула: «Аллагьас ﷻ нижер ц1адирабиги бак1 гьаруна, нижер гьурмалги хъах1 гьаруна, ниж ц1аялдасаги ц1унана ва алжаналдаги лъугьинзаруна. Цогиги щиб жо нижее бук1унеб?»- абун. Цинги Аллагьас ﷻ жиндир пардав борхун гьезда гьумер загьир гьабула. Бичасх1аги, гьел муъминзабазе гьелдасан бокьулеб ва гьелдаг1ан рак1 х1алхьолеб жо щибго бук1иларо»-* абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

وَٱلَّذِينَ كَسَبُواْ ٱلسَّيِّـَٔاتِ جَزَآءُ سَيِّئَةِۢ بِمِثۡلِهَا وَتَرۡهَقُهُمۡ ذِلَّةٞۖ مَّا لَهُم مِّنَ ٱللَّهِ مِنۡ عَاصِمٖۖ كَأَنَّمَآ أُغۡشِيَتۡ وُجُوهُهُمۡ قِطَعٗا مِّنَ ٱلَّيۡلِ مُظۡلِمًاۚ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٧

**27. Жидеца дунялалда квешаб г1амал гьабурал г1адамазе гьелда релълъараб квешаб жазаъги гьабизе буго. Гьел г1одорег1анлъиялъулъ ва х1акъирлъиялъулъ рук1ине руго. Гьел Аллагьасул ﷻ г1азабалдаса ц1унизе к1олев щивго чиги вук1унаро. Гьезул гьурмалги ч1ег1ерлъун рук1ине руго бец1аб сардил цо кесек бахъун гьезул гьурмазда ххун бугеб г1адин. Гьал руго жужах1алъул бет1ергьаби, даимго рук1инелъун гьенир жанир лъугьизарула.**

Жиндир г1адло бит1араб бук1иналдалъун Аллагьас ﷻ гьазул квешлъиялда релълъараб гуреб жазаъ гьабуларо, т1аде щибго жо ц1ик1изе гьабуларо. Гьаб аяталъ бицараб г1азабги кин х1ехьелеб? Гьелда т1аде ц1ик1к1елги щиб бук1инеб? Цох1о жужах1алда бер к1ут1и х1ехьезе к1олев инсанги гьеч1о. Гьедин бугониги Аллагьасда ﷻ г1ассилъизе х1инкъулелги гьеч1о.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб х1адисул къудсиялда буго: «Жужах1алъул ц1адул рахасазул цо гор борхатаб маг1арда т1ад лъуни, гьеб мег1ер биун ина» абун. Гьеб горги анкьабго ракьалда гъоркье уна. Дунялалъул рукъоб гьеч1о жужах1алъул ц1а х1ехьезе к1олеб гамач1ги ракьги, махх чаранги. Аллагьасда ﷻ г1асилъизе х1инкъи буго инсанас гьабизе к1олеб жо. Гьаб жинда гьабизе к1олеб г1амал гьабун хьвади бигьаяб гьеч1ишха, гьит1инабниги, к1удиябниги

ахиратальъул г1азаб т1аде ккун гьеб х1ехьезе к1веялдаса.

وَيَوۡمَ نَحۡشُرُهُمۡ جَمِيعٗا ثُمَّ نَقُولُ لِلَّذِينَ أَشۡرَكُواْ مَكَانَكُمۡ أَنتُمۡ وَشُرَكَآؤُكُمۡۚ فَزَيَّلۡنَا بَيۡنَهُمۡۖ وَقَالَ شُرَكَآؤُهُم مَّا كُنتُمۡ إِيَّانَا تَعۡبُدُونَ ٢٨

**28. Дица гьел киналго т1аде рахъизарула.** Х1исаб-мизан гьабизе муъминзабиги капурзабиги г1арасат майданалда эхетизарула. **Цинги Аллагьасде ﷻ ширк гьабун рук1арал къавмазда абула: «Нуж гьеб бак1алда ч1а! Ва нужеца алагьзабилъун ккуралги ч1а!»–абун. Дица муъминзабиги капурзабиги бат1аги гьарула гьеб майданалда. Цинги жидее лагълъи гьабурал хъанчаз абула: «Нужеца нижее г1ибадат гьабич1о» – абун.**

Гьел нужедаса рац1ц1алъула ва рик1к1алъула. Нужеца щибжо гьабулеб бук1араб нижеда лъаларо, нижеца абич1о нижее лагъльи гьабеян абула гьел хъанчаз.

فَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدَۢا بَيۡنَنَا وَبَيۡنَكُمۡ إِن كُنَّا عَنۡ عِبَادَتِكُمۡ لَغَٰفِلِينَ ٢٩

**29. Жегиги гьел алагьзабаца абула: «Нужедаги нижедаги гьоркьов нуг1лъун жакъа Аллагь ﷻ г1езе вуго,** цоги щивго къвариг1уларо: **нижеда лъалеб бук1инч1о нужеца нижее г1ибадат гьабулеблъи»-абун.**

Ниж щибго бихьуларел, раг1уларел, щибго жо бич1ч1уларел, маххул, ц1улал гьарурал хъанчал ва суртал рук1ана абун.

هُنَالِكَ تَبۡلُواْ كُلُّ نَفۡسٖ مَّآ أَسۡلَفَتۡۚ وَرُدُّوٓاْ إِلَى ٱللَّهِ مَوۡلَىٰهُمُ ٱلۡحَقِّۖ وَضَلَّ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يَفۡتَرُونَ ٣٠

**30. Гьеб къоялъ щибаб напсалъул х1албихьи гьабула жинца дунялалда гьабураб г1амалалдалъун.** Гьеб г1амалалда рекъараб жазаъги гьабула. **Гьел киналго жидер г1адилав хан ва х1акъав Бет1ергьан Аллагьасухъе русинарула. Гьездаса билун, т1урун уна жидеца алагьзабилъун ккун бук1араб, жидее шапаг1ат гьабизе хьул бук1араб кинабго гьересияб жо.**

قُلۡ مَن يَرۡزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِ أَمَّن يَمۡلِكُ ٱلسَّمۡعَ وَٱلۡأَبۡصَٰرَ وَمَن يُخۡرِجُ ٱلۡحَيَّ مِنَ ٱلۡمَيِّتِ وَيُخۡرِجُ ٱلۡمَيِّتَ مِنَ ٱلۡحَيِّ وَمَن يُدَبِّرُ ٱلۡأَمۡرَۚ فَسَيَقُولُونَ ٱللَّهُۚ فَقُلۡ أَفَلَا تَتَّقُونَ ٣١

**31. Дуца абе Мух1аммад ﷺ!** Я гьал Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, гьесдехун ширк гьабулел г1адамал! **Нужее лъица кьолеб зобалазулги ракьазулги ризкъи.** Зодиса ц1ад лъица базабулеб ракьалда хур-херги лъица бижизабулеб? **Аллагьас ﷻ нуж бихьуларел, яги раг1уларел гьаруни гьеб кьезе к1олев щив вугев, хвараб жоялдасан ч1агояб жо ва ч1агояб**

**жоялдасан хвараб жо бахъизабулев (бач1изабулев) щив вугев?** Маниялдаса инсан лъица вижулев, хуриб рехараб мугьалдаса т1ор лъица бижизабулеб, капур чиясул муъминчи лъица гьавулев? **Гьаб кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев чи щив вугев?- абун. Гьел мушрикаца дуда абизе буго Мух1аммад ﷺ, Аллагь ﷻ вуго гьеб кинабго жо жинца гьабулев абун.** Гьезул дуе кьезе цоги жаваб бук1унаро. Гьаб загьираб къудрат бугелъул гьезда к1олареб нижеца гьабулин абизе яги нижер алагьзабаца гьабулин абизе. **Цинги дуца гьезда абе: «Нуж Аллагьасдаса ﷻ х1инкъуларел щайха гьесдехун ширк гьабизе?»-абун.** Гьесда г1асилъизе ва гьев Аллагь ﷻ гуреб жоялъе г1ибадат гьабизе.

**32. Гьаб кинабго жо жинца гьабулев, кинабго махлукъаталъул тадбирги гьабулев, кинабго г1аламги жинца хьихьулев Аллагь ﷻ вуго нужер х1акъав Бет1ергьан. Х1акъаб жоялда хадуб къосин гуреб цоги щибжоха бук1унеб?**

فَذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمُ ٱلْحَقُّ فَمَاذَا بَعْدَ ٱلْحَقِّ إِلَّا ٱلضَّلَٰلُ فَأَنَّىٰ تُصْرَفُونَ ﴿٣٢﴾

Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьаби буго х1акъаб жо, гьеб гуреб кинабго жо бат1улаб буго ва къосин буго. **Гьаб х1акъаб жоги тун киреха руссунел мушрикал:** щибго гьунар гьеч1ел хъанчазе лагълъи гьабиялде руссунел руго, гьел рижарав, жидее ризкъи кьолев Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабиги жибго тун.

**33. Гьедин Аллагьасул ﷻ х1акъаб х1укму рекъон ккана г1асиял, пасикъал г1адамазе гьабураб: «Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъиялдаса рахъун, гьесда инкар ккун хьвадарал г1адамал муъминзаби гьеч1оян»-абураб.** Гьазие жужах1алъул г1азабги х1акълъула.

كَذَٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى ٱلَّذِينَ فَسَقُوٓا۟ أَنَّهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٣﴾

**34. Дуца мушриказда абе Мух1аммад ﷺ, нужер алагьзабаздаса цонигияв вугищ жинда жо бижизабизе к1олев, цинги гьеб хвезабун ц1идаса ч1аго гьабизеги к1олев?»-абун.**

قُلْ هَلْ مِن شُرَكَآئِكُم مَّن يَبْدَؤُا۟ ٱلْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ ۚ قُلِ ٱللَّهُ يَبْدَؤُا۟ ٱلْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٣٤﴾

Гьез дуе жаваб кьеч1они, жаваб кьезеги гьеч1о гьез. **Дуца абе Мух1аммад ﷺ, Аллагь ﷻ вуго жинца гьеч1еб бак1алдаса жо бижизабулев ва хун хадуб гьеб ц1идаса ч1аго гьабулев-абун.** Цоги щивго гьеч1о гьеб гьабизе к1олев. **Киреха унел гьал мушрикал х1акъаб жоги тун бат1улаб, гьересияб жо ц1ехезе ва гьелда**

**хьвадизе.**

قُلْ هَلْ مِن شُرَكَآئِكُم مَّن يَهْدِىٓ إِلَى ٱلْحَقِّ ۚ قُلِ ٱللَّهُ يَهْدِى لِلْحَقِّ ۗ أَفَمَن يَهْدِىٓ إِلَى ٱلْحَقِّ أَحَقُّ أَن يُتَّبَعَ أَمَّن لَّا يَهِدِّىٓ إِلَّآ أَن يُهْدَىٰ ۖ فَمَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Жегиги дуца абе Мух1аммад** ﷺ**, «Нужер алагьзабазул цонигияв вугищ жинца х1акъаб жоялда т1овит1улев?»-абун.** Къосарасда нух малъулев, х1айранлъарав вит1ун ккезавулев. **Гьез дуе жаваб кьеч1они дуца абе: «Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца х1акъаб нухда т1орит1улев»-абун. Жинца х1акъаб нухда т1орит1улев Аллагьиш** جَلَّ جَلَالُهُ **вугев жиндие мут1иг1лъизе х1акъав, яги жив т1овит1ун гурони жинца т1овит1уларев чийищ вугев жиндие мут1иг1лъизе х1акъав? Нужее бугеб жо щибха бугеб ва нужеца щиб х1укму гьабулеб?** Нужеца кинабго махлукъаталъул Халикъги, халкъул г1алам хьихьулев Бет1ергьанги нужецаго гьарурал хъанчазда данде кин вачунев?.

وَمَا يَتَّبِعُ أَكْثَرُهُمْ إِلَّا ظَنًّا ۚ إِنَّ ٱلظَّنَّ لَا يُغْنِى مِنَ ٱلْحَقِّ شَيْـًٔا ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌۢ بِمَا يَفْعَلُونَ ﴿٣٦﴾

**36. Гьел мушриказул г1емерисел руго** жидее щибго х1ужа-далил гьеч1ел, гьеб ц1ехоларел, **жидерго рак1алде ккараб жоялда нахърилълъун гьеб гьабулел г1адамал. Амма гьеб жидер рак1алде ккараб жоялда нахърилълъи жидее хайир гьеч1еб буго ва гьеб х1акъаб нухда рачунеб бук1унаро. Х1акълъунго Аллагь жинда лъалев вуго гьез гьабулеб г1амал.**

Гьез Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кквейги авараг ﷺ гьереси гьавиги. Хъанчазе лагълъи гьабиги, жидерго г1акълоялъ малъараб ва напсалъе бокьараб жо гьабун гьел хьвадулеблъиги жинда лъалев вуго Т1адег1анав Аллагь. Гьесул х1исаб мизаналдаса ва жидер г1амалазул жазаалдаса гьел рорч1изеги гьеч1о.

وَمَا كَانَ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانُ أَن يُفْتَرَىٰ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَلَٰكِن تَصْدِيقَ ٱلَّذِى بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيلَ ٱلْكِتَٰبِ لَا رَيْبَ فِيهِ مِن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٣٧﴾

**37. Гьаб Къуръан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гурев чияс ургъараб жо бук1ине рес бук1унаро.** Дагьабниги г1акъло бугев чиясда лъала гьаб инсанас ургъараб жо гьеч1еблъи ва гьединаб жо ургъизе гьесда к1олареблъиги. **Кинниги, гьаб Къуръан буго Т1адег1анав Аллагьасул калам, цересел т1ахьалги жинца рит1ухъ гьарулеб.** Инжил, Таврат тасдикъ гьабулеб. **Жинда жанир шарг1иял ва г1акъидаялъул масъалабиги баян гьарун ругеб. Щибго жиндилъ щаклъи гьеч1еб кинабго г1аламалъул Бет1ергьан Аллагьасул**

**Къуръан буго.**

**38. Капурзабаца абулебищ бугеб гьаб Къуръан инсанас ургъараб жо бугин абун?** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинцаго ургъун бицунеб хабар бугин абун. **Дуца абе** ﷺ**, нуж рач1аха цох1о суратги гьабун гьаб Къуръаналда рельлъараб, ва нужеца кумекалъеги ах1е Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **тун нахъияв нужеего бокьарав чи.** Г1адамазул вук1а, жиназул вук1а, **нуж бит1араб бицунеллъун ратани.**

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ فَأْتُوا۟ بِسُورَةٍ مِّثْلِهِۦ وَٱدْعُوا۟ مَنِ ٱسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٣٨﴾

Гьаб ц1акъ к1удияб ах1и буго ва х1акъаб муг1жизатги буго, гьалъул маг1на буго: кинабго халкъалъул т1аса рищарал пасих1ал, г1акъилал г1адамазда к1олареб мехалъ Къуръаналъул цох1о сурат г1адаб жо жидеца ургъизе, гьаб т1убарабго Къуръан цох1о Мух1аммад аварагасда ﷺ ургъизе кин к1олеб? Гьалдаса бич1улеб буго хирияб Къуръан Т1адег1анав Аллагьасул калам бук1ин.

**39. Гьал мушриказ гьереси гьабуна жидер г1илму-лъай жинда сверухъ лъугьунареб Къуръан. Гьезие жеги бихьун гьеч1о ва гьезухъе бач1ун гьеч1о Къуръаналъ жидее къот1и гьабураб г1азаб. Гьаздаго рельлъун гьазда цере рук1арал мушриказ ва капурзабаца гьереси гьаруна жидер аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **ва гьезда решт1инарурал т1ахьалги. Мун валагьеха Мух1аммад** ﷺ**, киндай бук1ана гьел зулмучаг1азул ахир абун.**

بَلْ كَذَّبُوا۟ بِمَا لَمْ يُحِيطُوا۟ بِعِلْمِهِۦ وَلَمَّا يَأْتِهِمْ تَأْوِيلُهُۥ ۚ كَذَٰلِكَ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۖ فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٣٩﴾

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел гьалаг гьаруна жидер купру ва зулму сабаблъун. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьаб къавмги гьабила гьалаг ва гьезул бак1алда цоги умматги бижила.

**40. Гьеб дур умматалдаса руго Мух1аммад** ﷺ**, жидеца Къуръаналда иман лъолел ва гьелда нахърилълъулел г1адамал. Гьездаса руго жидеца иман лъоларелги. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лъалев вуго иманалда т1орит1изе мустах1икъал гьеч1ел, купру-ширкалдалъун пасалъи гьабулел г1адамал.**

وَمِنْهُم مَّن يُؤْمِنُ بِهِۦ وَمِنْهُم مَّن لَّا يُؤْمِنُ بِهِۦ ۚ وَرَبُّكَ أَعْلَمُ بِٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٤٠﴾

**41. Гьел мушриказ мун гьереси гьавуни, дуца гьезда абе Мух1аммад** ﷺ**, дица гьабураб г1амалалъул жазаъ дие бук1ине буго. Нужеца гьабураб**

وَإِن كَذَّبُوكَ فَقُل لِّى عَمَلِى وَلَكُمْ عَمَلُكُمْ ۖ أَنتُم بَرِيٓـُٔونَ مِمَّآ أَعْمَلُ وَأَنَا۠ بَرِىٓءٌ مِّمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٤١﴾

**г1амалалъул жазаъ нужее бук1ине буго. Нуж рац1ц1адал руго дица гьабулеб г1амалалдаса. Дунги вац1ц1адав вуго нужеца гьабулеб г1амалалдаса.**
Щивасе жиндир г1амал буго ва гьеб г1амалалъул жазаги бук1ине буго.

وَمِنْهُم مَّن يَسْتَمِعُونَ إِلَيْكَ أَفَأَنتَ تُسْمِعُ
الصُّمَّ وَلَوْ كَانُوا لَا يَعْقِلُونَ ٤٢

**42. Гьездаса руго дуда г1енеккулел г1адамал.** Амма гьезда щибго жо бич1уларо гьаб Къуръаналдаса. **Дуда к1олищ авараг г1инкъав чиясда жо раг1изабизе? Гьел г1адамал жидеда щибго жо бич1уларел ругони кин дуца гьел т1орит1илел?**
Аяталъул маг1на буго: дуда к1оларо Мух1аммад ﷺ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ иманалда т1орит1ич1ел г1адамал т1орит1изе. дуда т1адаб буго гьезие Къуръан ц1ализе ва гьел исламалда ах1изе. Гьез иман лъун гут1и дур г1айиб гьеч1о.

وَمِنْهُم مَّن يَنظُرُ إِلَيْكَ أَفَأَنتَ تَهْدِي الْعُمْيَ وَلَوْ
كَانُوا لَا يُبْصِرُونَ ٤٣

**43. Гьел г1адамаздаса руго дуда ралагьун рук1унелги,** жидеда мун вухьулел, дуе ругел авараглъиялъул г1аламаталги рихьулел. Амма жидеда щибго жо бич1ч1уларел. **Дуда к1олишха Мух1аммад ﷺ, беццал г1адамал т1орит1изе. жидеда щибго жоги бихьулеб гьеч1ел?** Гьел г1адамазул рак1ал беццал руго, гьениб жаниб иманалъул нур лъугьуларо.

إِنَّ اللَّهَ لَا يَظْلِمُ النَّاسَ شَيْئًا وَلَٰكِنَّ
النَّاسَ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ٤٤

**44. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьас г1адамазе гьабуларо кинабг1аги зулму.** Х1ал к1олареб жо т1ад къаларо, мунагь гьеч1ого г1азаб гьабуларо. **Кинниги, г1адамал руго жидецаго жидер напсазе зулму гьабулел.** Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва расуласда инкар ккун, г1асилъаби гьарун.

وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ كَأَن لَّمْ يَلْبَثُوا إِلَّا سَاعَةً مِّنَ
النَّهَارِ يَتَعَارَفُونَ بَيْنَهُمْ قَدْ خَسِرَ الَّذِينَ كَذَّبُوا
بِلِقَاءِ اللَّهِ وَمَا كَانُوا مُهْتَدِينَ ٤٥

**45. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къиямасеб къоялъ жал т1аде рахьине гьарун г1арасат майданалда данде гьарулеб мехалъ капураб агьлоялда рак1алде ккола дунялалда жидеца цох1о саг1ат г1адаб мех гуро бан гьеч1ин абун.**
Гьеб къоялъул зах1матлъи ва х1инкъи к1удияб бук1ун. **Гьел цоязе цоял лъалелги рук1уна.** Амма гьеб лъай бук1уна цоцазде г1айибал ч1валеб, тушманлъи бугеб лъай. Гьел цоцаздехун къацандула: «Дуца къосинавуна дун» абун.

**Гьеб къоялъ ч1орого хут1арал, хъарк1асал г1адамал руго жидеца ахираталда иман лъун бук1инч1ел, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ццере ч1ч1ей гьереси гьабун бук1арал. Гьел г1адамал дунялалда х1акъаб диналда ва бит1араб нухда рук1инч1о.**

وَإِمَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ ٱلَّذِي نَعِدُهُمْ أَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ ثُمَّ ٱللَّهُ شَهِيدٌ عَلَىٰ مَا يَفْعَلُونَ ﴿٤٦﴾

**46. Дица дуда бихьизабизеги бегьула Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, мун ч1агого вук1ун, гьезда щолеб г1азабалъул цо тайпа: дур рак1 г1одоб буссине. Гьедин бихьизабич1ого мун хваниги гьезул ахир руссин диде буго** ва гьезие бук1ине кколеб жазаалдаса рорч1изе бак1ги гьеч1о. **Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьез гьабулеб ва абулеб кинабго жо жинда бихьулев ва лъалев вуго.**

وَلِكُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولٌ فَإِذَا جَآءَ رَسُولُهُمْ قُضِيَ بَيْنَهُم بِٱلْقِسْطِ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٤٧﴾

**47. Щибаб умматалъе вуго гьезде вит1арав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **расул. Ахираталдаги гьев расулги ццеве вук1ун,** жидеца нуг1лъи гьабулел гьезул г1амал хъварал кагъталги рук1ун, гьеб г1амал хъварал малаикзабиги рук1ун, **гьаб х1алалъ гьабула гьезда гьоркьоб рит1ухъаб х1укму ва гьезие щибго зулмуги гьабуларо.**

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٤٨﴾

**48. Гьел мушрикаца абулеб буго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, мун махсароде гьавун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Къуръанлда иман лъеч1ого: **«Кидалха бук1ине бугеб гьаб дуца жиндалъун х1инкъи кьолеб г1азаб, нуж бит1араб жо бицулел ратани ва нужер динги бит1араб батани?»- абун.**

قُل لَّآ أَمْلِكُ لِنَفْسِي ضَرًّا وَلَا نَفْعًا إِلَّا مَا شَآءَ ٱللَّهُ لِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ إِذَا جَآءَ أَجَلُهُمْ فَلَا يَسْتَـْٔخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ﴿٤٩﴾

**49. Дуца гьезда абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дида к1оларо ва дир ихтиялалда гьеч1о дирго напсалъе щибго мунпаг1ат гьабизе яги зарал гьабизе. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьун, гьес изно кьураб жоялъулъ гурони. Щибаб умматалъе бихьизабураб заман буго, гьел ч1аго рук1унеб ва гьезие г1азаб гьабулебги. Гьеб жидее Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **бихьизабураб г1уж т1аде щвараб мехалъ гьел цох1о лах1заталъ нахърахъун толаро ва цох1о лах1заталъ цереги ккезаруларо.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укму-къадар гьесие бокьухъин, гьесие бокьараб г1ужалъ ва бокьараб х1алалъ хьвадула. Нужеца т1алаб гьабуна абун, яги нужее бокьич1о абун гьеб х1укму жиндир г1уж т1аде щвараб

мехалъ т1убач1ого хут1уларо.

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَتَىٰكُمْ عَذَابُهُۥ بَيَٰتًا أَوْ نَهَارًا
مَّاذَا يَسْتَعْجِلُ مِنْهُ ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ, нужеда лъалеб батани нужеца дида бице, гьеб Аллагьасул ﷻ г1азаб нужехъе къасиниги яги къадниги бач1араб мехалъ, гьелдаса нужее щиб жо щвезе бугеб?»-абун. Ц1акъ квешаб жо бугоха гьел мушрикаца жидеда т1аде ц1алеб ва жидеца т1алаб гьабулеб!**

أَثُمَّ إِذَا مَا وَقَعَ ءَامَنتُم بِهِۦٓ ءَآلْـَٔـٰنَ وَقَدْ كُنتُم بِهِۦ
تَسْتَعْجِلُونَ ﴿٥١﴾

**51. Нужер рак1ищ бугеб; я гьал инкарчаг1и, гьеб г1азаб нужеда т1аде щвараб мехалъ гьелда иман лъезе?**
Ва гьеб г1азаб Аллагьасул ﷻ рахъалъан бук1ин лъан, Аллагьасдаги ﷻ иман лъезе? Гьеб мехалъ лъураб иманалъ нужее щибго мунпаг1ат гьабуларо. Нужеда гьеб къоялъ абизе буго; **«Гьанжейищха нужеца иман лъолеб? Жакъалъизег1ан гьеб г1азаб бач1инги, гьелъул хабар бицунев аварагги ﷺ махсароде гьавун, гьеб хехго бач1ин т1алаб гьабулаги рук1ун» абун.**

ثُمَّ قِيلَ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ ذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْخُلْدِ
هَلْ تُجْزَوْنَ إِلَّا بِمَا كُنتُمْ تَكْسِبُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Гьаб г1азаб гьезде щвараб мехалъ, гьелда инкар ккун рук1арал зулмучаг1азда абула: «Гьанже нужеца ч1аме даимго нуж жинда жанир рук1унеб г1азаб. Нужее жазаъ гьабулеб гьеч1огурищ нужеца дунялалда гьабураб г1амалалда рекъараб гурони»-абун.**

۞ وَيَسْتَنۢبِـُٔونَكَ أَحَقٌّ هُوَ قُلْ إِى وَرَبِّىٓ إِنَّهُۥ
لَحَقٌّ وَمَآ أَنتُم بِمُعْجِزِينَ ﴿٥٣﴾

**53. Дуда гьез абизе буго Мух1аммад ﷺ, дуца нижеда бице, унгого х1акъаб жо бугищ гьеб дуца жиндалъун нижее х1инкъи кьолеб г1азаб абун. Дуца абе «У, валлагьи, х1акъаб буго гьеб. Нуж гьеб г1азабалдасан рорч1изеги гьеч1о.**
**Нужеца Аллагь ﷻ г1ажиз гьавизеги гьеч1о г1азаб гьабиялдаса.** Нужер лъутизе, рортизе бак1ги гьеч1о»-абун.

وَلَوْ أَنَّ لِكُلِّ نَفْسٍ ظَلَمَتْ مَا فِى ٱلْأَرْضِ
لَٱفْتَدَتْ بِهِۦ وَأَسَرُّوا۟ ٱلنَّدَامَةَ لَمَّا رَأَوُا۟
ٱلْعَذَابَ وَقُضِىَ بَيْنَهُم بِٱلْقِسْطِ وَهُمْ
لَا يُظْلَمُونَ ﴿٥٤﴾

54. Гьаб г1азаб т1аде щвараб мехалъ гьелъул зах1малъиги бихьараб мехалъ: **щибаб напсалъе гьаб дунялалда бугеб щинаб бечелъи, хазина бук1арабани, гьеб кинабго кьунги гьеб напсалъ т1алаб гьабизе буго жиб хвасарлъи.**

Ва амма гьеб къоялъ г1ак1аги босуларо, рищватги къабул гьабуларо, г1азабги т1асса борхуларо. **Гьеб г1азаб бихьараб мехалъ гьелда инкар ккун рук1арал г1адамаз жидер пашманлъи ва кьварилъи бальго гьабизе ях1 бахъула.** Цогидаз жидеда бадиб ч1вай гьабун жегиги жидер г1азаб ц1ик1иналдаса х1инкъун. **Гьеб х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ кинабго халкъалда гьоркьоб х1акъаб ва г1адилаб х1укму гьабула, гьезие щибго зулмуги гьабуларо.** Лъик1аб г1амалалда данде ажро-кири гьабич1ого толаро, квешаб г1амалалъе г1азабги ц1ик1к1изабуларо.

Бах1ро абураб т1ехьалда абуна: жидеца пашманлъи бальго гьабула абураб раг1иялъул маг1на буго: жидеда рак1алдаго бук1инч1еб, жиб бук1ина абун божунги рук1инч1еб гучаб г1азаб бихьараб мехалъ, гьел к1алъазеги, ах1дезеги, г1одизеги к1оларого ц1орон хут1ула: цо чи кварида ван гъанкъизе цеве вачараб мехалъ ц1орон хут1улев г1адин.

**55. Нуж кант1е! Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьасе буго кинабго зобал-ракьалда жаниб бугеб жоялъул ханлъи. Жегиги нуж кант1е Аллагьасул** ﷻ **къот1и х1акъаб бук1иналда ва къиямасеб къо бач1инги, гьениб х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе бук1инги х1акъаб бук1иналда. Г1емерисел г1адамал гьаб амру гьадин бук1ин лъаларел руго.**

أَلَآ إِنَّ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۗ أَلَآ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٥٥﴾

Жидерго г1акъло дагьал рук1ун, гьапуллъи г1емерал рук1ун, Аллагьасдаса ﷻ нечеч1ого х1арамаб жо жидеца гьабулел, ахираталдаса х1инкъич1ого рак1алда ккараб жо абулел ва бицунел руго.

**56. Т1адег1анав Аллагь вуго жинца ч1аго гьарулев ва жинца хвезарулевги, ахир къоялъ т1аде рахъинарун гьев Аллагьасде** ﷻ **русинаризеги руго.** Ва жидер г1амалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

هُوَ يُحْيِۦ وَيُمِيتُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٥٦﴾

**57. Я гьал г1адамал! Х1акълъунго нужехъе бач1ун буго Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан ваг1за-насих1ат. Нужер рак1азе даруги бач1ун буго. Нужее т1орит1елги ва кинабго умматалъе рах1матги бач1ун буго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَتْكُم مَّوْعِظَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَشِفَآءٌ لِّمَا فِي ٱلصُّدُورِ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ﴿٥٧﴾

Гьаб буго хирияб Къуръан. Нужер рак1азулъ бугеб щаклъи ва нипакъ т1аса инабулеб, къосиналдаса нуж ц1унулеб, х1акъаб исламияб нух

нужеда лъазабулеб. Жинца Аллагь ﷻ цо вук1иналъул далилал рицунеб, пасадал, ширк гьабулел рек1ел хиялал т1аса инарулеб.

Ибнухат1ибица абуна: Къуръаналъ рек1ел унтаби сах гьарула. Гьел рек1ел унтаби ц1акъго х1инкъи бугел руго чурхдузул унтабаздаса. Рек1ел унтиялъ жужах1алда рачуна, черхалъул унтиялъ мунагьал чуриялде рачуна. Рек1ел унти жинца сах гьабулеб жо гьеч1о ва ц1аялдаса ц1унулеб жоги гьеч1о цох1о Къуръан гурони абун.

قُلْ بِفَضْلِ ٱللَّهِ وَبِرَحْمَتِهِۦ فَبِذَٰلِكَ فَلْيَفْرَحُوا۟ هُوَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ﴿٥٨﴾

**58. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, нуж роххизе ва нуж жинда разилъизе рекъараб жо буго Аллагьасул ﷻ ц1об-рах1мат, гьелдалъун роххел гьабе нужеца, гьеб нужее лъик1аб буго нужеца данде гьабулеб дунялалъул боц1иялдаса.**

Гьеб боц1иялдалъун ва дунялалъул къадро к1одолъиялдалъун, насаб-хъизамалдалъун рохун рук1унге. Жиндир щибго къадро гьеч1еб, жибги хехго т1аса унеб жо буго гьеб дунялги, гьелъул ч1аголъиги. Аллагьасул ﷻ ц1обги исламияб дин буго, Аллагьасул ﷻ рах1матги Къуръан буго, гьаб к1иябго жоялдалъун инсан дунял-ахираталъул абадияб саг1адаталда-бахьибуголъиялде щола.

قُلْ أَرَءَيْتُم مَّآ أَنزَلَ ٱللَّهُ لَكُم مِّن رِّزْقٍ فَجَعَلْتُم مِّنْهُ حَرَامًا وَحَلَٰلًا قُلْ ءَآللَّهُ أَذِنَ لَكُمْ ۖ أَمْ عَلَى ٱللَّهِ تَفْتَرُونَ ﴿٥٩﴾

**59. Дуца мушриказда абе Мух1аммад ﷺ, нужеца дида бице гьаб Аллагьас нужее кьун бугеб ризкъиялъул хабар. Нужеца цояб х1арамаб буго абулеб, цояб х1алалаб буго абулеб.**

Жидер хъанчазе ва алагьзабазе хасаб боц1и-мал толаан гьел мушриказ, гьеб жидее х1арамаб бугин абун. **Дуца гьезда абе: Аллагьасишха ﷻ нужее изно кьураб гьаб иш гьабизе, яги гьеб нужецаго ургъараб жойищ бугеб?** Гьеб жидецаго ургъараб жо буго ва гьересияб жоги буго.

وَمَا ظَنُّ ٱلَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى ٱلنَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ﴿٦٠﴾

**60. Аллагьасда ﷻ г1унт1изабун жидеца гьереси бицунел г1адамазда рак1алда бугеб жо щибха бугеб кьиямасеб къоялъул х1акъалъулъ.**

Гьезда рак1алдайищ бугеб Аллагь ﷻ жидеда т1аса лъугьилин ва жидее г1азабги гьабиларин абун. **Х1акълъунго Аллагь ц1акъ гурх1ел-ц1об к1удияв вуго жиндир лагъзадерида.** Гьезда аварагги ﷺ вит1ун, гьесухъе Къуръанги кьун х1акъаб исламияб диналда гьелги ах1ун, алжаналда унеб нух

гьезда бихьизабурав, гьезул мунагьазда данде хехго г1азаб гьабуларев, тавбо гьабизе бокьун гьеб г1азаб нахъбахъун толев.

**Ва амма г1емерисел г1адамал гьаб жо жидеда лъаларел руго ва гьел ниг1матазе щукро гьабуларелги руго.** Жидеца щукро гьабизе ккарал ниг1матал цоял х1алал гьарун цоял х1арам гьарун, гьереси бицун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин махсароде гьарулел руго. Гьал г1адамазде ахираталда г1азаб гьаби гьез бокьун т1ад босараб ва жидеда т1ад ц1ц1араб жо буго.

وَمَا تَكُونُ فِي شَأْنٍ وَمَا تَتْلُوا۟ مِنْهُ مِن قُرْءَانٍ وَلَا تَعْمَلُونَ مِنْ عَمَلٍ إِلَّا كُنَّا عَلَيْكُمْ شُهُودًا إِذْ تُفِيضُونَ فِيهِ ۚ وَمَا يَعْزُبُ عَن رَّبِّكَ مِن مِّثْقَالِ ذَرَّةٍ فِي ٱلْأَرْضِ وَلَا فِي ٱلسَّمَآءِ وَلَآ أَصْغَرَ مِن ذَٰلِكَ وَلَآ أَكْبَرَ إِلَّا فِي كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ﴿٦١﴾

**61. Дуца щиб г1амал гьабулеб бугониги Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, щиб х1алалда мун вугониги, дуца Къуръаналдаса щиб жо ц1аланиги, нужецаги я гьал г1адамал, щибго г1амал гьабуларо: лъик1абниги, квешабниги,- гьеб кинабго х1алалъулъ дун вук1уна нуж рихьулевлъун, нужеда валагьун, нуж гьеб г1амал гьабизе лъугьунеб мехалъ ва нужеца хабар бицунеб мехалъ. Дур Бет1ергьан Аллагьасе балъго хут1уларо цох1о зарра г1адаб жо, ракьазда бугониги зобалазда бугониги. Гьелдасаги гьит1инаб жо гьеч1о ва гьелдаса к1удияб жоги гьеч1о жиб лавх1ул-мах1фузалда хъван бук1ун гурони.**

Гьаб амру гьадин бугелъул нужеца гьабулеб кинабго г1амал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шарг1алда боцун гьабе, нужги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун хьваде, гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъизеги х1инкъа.

أَلَآ إِنَّ أَوْلِيَآءَ ٱللَّهِ لَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Нужеда лъай я гьал г1адамал! Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рокьарал г1адамал руго жидее щибго х1инкъи гьеч1ел, т1аде бач1унеб къиямасеб къоялъул балагьаздасан ва жал пашманлъизе гьеч1ел, нахъе тараб дунялалда.**

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَكَانُوا۟ يَتَّقُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Гьел руго дунялалъул рукъор Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва ахираталда иманлъун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъизе х1инкъун хьвадарал г1адамал.**

لَهُمُ ٱلْبُشْرَىٰ فِي ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَفِي ٱلْءَاخِرَةِ ۚ لَا تَبْدِيلَ لِكَلِمَٰتِ ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿٦٤﴾

**64. Гьел г1адамазе дунялалъул рукъобги рохел буго.**

Гьел Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъалел рук1ун, жидеца г1ибадат лъие гьабулеб ва щай гьабулеб

лъалел рук1ун, ахираталда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъиялда ва гьев вихьиялда хьул лъун рук1ун. Гьединго гьезие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тушбабада т1ад квербакъун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб х1адисалда буго: *«Муъминзабазе дунялалда бугеб роххел буго жидеда рихьулел лъик1ал макьаби абун. Цогиги абуна гьеб дунялалда бугеб роххел бугин муъминчиясул рух1 бахъулеб мехалъ рах1маталъул малаикзабаца гьесда алжаналдалъун роххел бицин»*- абун.Х1адис ибну Жаририца бицана.

**Ва ахираталдаги буго гьезие рохел.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ниг1матазул алжанал кьун ва жив разилъи, жинда балагьи насиб гьабун. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьот1и гьабураб жоялъе хиси гьеч1о. Гьаб буго ц1акъ к1удияб роххел ва ц1акъ к1удияб бахьибуголъи.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ вали абула Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вокьарав, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьабун, гьев разилъи т1алаб гьабун хьвадулев, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъун х1арамаб, карагьатаб жо толев чиясда. Г1емерал сипатал рицун руго унго унгояв Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ валилъун вугев чиясулъ рук1унел. Гьезул бищунго рес гьеч1еб буго дунял т1алаб гьабунгут1и, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ таваккал т1амарав вук1ин, гьесие г1оло гурони жиндир ццим бахъунарев вук1ин, кинабго жо Аллагьасдасан جَلَّجَلَالُهُ бук1ин лъан кидаго гьесда разияв вук1ин. Г1амал к1одолъи, ч1ух1и-рецц, жах1да, х1алхъублъи гьеч1ев вук1ин. Жиндирго напс ц1акъ г1одобег1ан гьабулев вук1ин, г1адамал жиндаса лъик1аллъун рихьулев вук1ин. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ халкъалда гурх1ел-рах1мо бук1ин, тамахав, х1алимав, х1еларав вук1инги.

Къокъго абуни гьесул кинабго хьвади бук1ине ккола Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам Къуръаналда рекъараб ва хирияв расуласул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ суннаталда боцараб. Цо чи г1адамаз киг1анго к1одо гьавулев вугониги, гьев чиясул г1амал Къуръан-х1адисалда рекъараб гьеч1еб мехалъ, гьесие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ вали вугин абун нуг1лъи гьабизе бегьуларо. Цо раг1иялъулъ буго кинавго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъулев чи гьесул вали вуго абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалда буго: *«Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цо лагъзал руго, аварагзабилъун гьеч1ел ва шагьидзабилъунги гьеч1ел, амма аварагзабазул عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ ва шагьидзабазул хьул лъолеб гьезул макъам жидее бугеб анищ-абун. Асх1абзабаца абуна: «Я расулаллагь! Нижеда бице щал кколел гьел г1адамал ва щиб г1амал гьезул бугеб, нижееги гьел рокьизе»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «гьел г1адамал руго жал цоцазе рокьарал Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1оло (Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло). Жидер цоцалъ г1агарлъиги гьеч1еб,*

*боцIи-малги цоцае щоларел. Валлагьи, гьезул гьурмазда нур буго, гьел жалгоги нуралъул тахазда ва минбаразда гIодор чIун рукIуна. ГIадамал хIинкъулеб мехалъ гьел хIинкъуларо, гьел пашманлъидалго жал пашманлъуларо»*-абун. ХIадис имам абуДавудица бицана.

ИбнухIажарица абуна: «Вали вуго Аллагьасда ﷻ гIагарлъарав чи. Гьесда гIагарлъарав гьесул амруялда нахъвилълъун, гьесул хIарамал жал тун. Суннатал гIибадатал гIемер гьарун. Кидаго Аллагь ﷻ рехсон жив свакаларев вукIун, ва гьев рехсеялдаса гъапуллъуларев вукIун. Жиндир ракIалда Аллагь ﷻ гуреб жо бихьуларев вукIун. Жив кидаго Аллагь ﷻ лъаялъул нуралъулъ тIерхьун вукIунев. Кинабго жо жиндие Аллагьасул ﷻ къудраталъе далиллъун букIулев, жинда бихьулеб, рагIулеб жоги гьесул гIаламаталлъун рукIунев. Жиндир мацIги Аллагь ﷻ рехсон гурого кIалъаларев: гьесие рецц гьабун, щукру гьабун кIалъалев. Жиндир вагъа-вачариги Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизелъун букIунев. Гьав чи вуго жив Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав ва гьав вуго Аллагьасул ﷻ валиги абун.

ГIалимзабазул рагIи буго гIалимчи Аллагьасул ﷻ вали вукIунев гьечIони, цоги гьесул валилъун вукIине рекъарав чиго гьечIин абун. Ай: гIалимзабазда Къуръан-хIадис лъала ва гьелда гIамал гьабизеги лъала, авлияазул сипатги Къуръан-хIадисалда нахъвилълъин буго.

وَلَا يَحْزُنكَ قَوْلُهُمْ إِنَّ ٱلْعِزَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٦٥﴾

**65. Мун гьел мушриказул рагIиялъ пашман гьавуге МухIаммад ﷺ.** Мун авараг гьечIо абураб, дуца бицунеб жо гьереси гьабулеб.

**ХIакълъунго кинабго кIодолъи ва къадро Аллагьасе ﷻ буго.** Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца дуе квербакъулев, дуе гIей гьабулевги, кинабго жоялдаса жиндир гуч бергьаравги. **Гьав Аллагь ﷻ вуго жинда гьез бицунеб жо рагIулев ва гьез гьабулеб гIамалги лъалев.** Гьезие жазаъ гьабизе хIал кIолев вуго Аллагь. ﷻ

أَلَآ إِنَّ لِلَّهِ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَن فِي ٱلْأَرْضِ ۗ وَمَا يَتَّبِعُ ٱلَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ شُرَكَآءَ ۚ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَإِنْ هُمْ إِلَّا يَخْرُصُونَ ﴿٦٦﴾

**66. Нужеда лъай, я гьал гIадамал, гьев Аллагьасул ﷻ мулк букIин зобал ракьалги ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги:** гьесул лагъзал руго, гьес рижаралги руго. **Жидеца Аллагьги ﷻ тун цоги жоялъе гIибадат гьабулел гIадамал гьел хъанчазда, алагьзабазда нахърилълъунаро.**

Гьел ругелъул рухI гьечIел, гIакълу гьечIел, жидерго квераз гьарурал

суртал. **Гьел нахърилълъуна жидерго напсазе бокьараб, рак1алда ккараб жоялда, жидерго г1акълуялда. Ва гьел гьеч1о жидеца гьересияб, бат1улаб жо гьабулеллъун гурони.** Гьезул г1акъло камилаб гьеч1о, гьеб камилаб бук1арабани гьез лагълъи цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабилаан. Г1адалаб г1акълу бугезул г1амал ах1макъаб бук1инарищха!

هُوَ ٱلَّذِي جَعَلَ لَكُمُ ٱلَّيۡلَ
لِتَسۡكُنُواْ فِيهِ وَٱلنَّهَارَ مُبۡصِرًاۚ إِنَّ
فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يَسۡمَعُونَ ٦٧

**67. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер Бет1ергьан, жинца нужее сордо гьабурав жиндилъ нуж х1алхьон ч1олеблъун.** Къад къоялъ дунялалъул ишазулъ свердулел рук1ун свакарал г1адамазе сордо буго жиндилъ свак бичулеб, х1алхьи гьабулеб заман. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ г1ибадат гьабулев чиясул рак1 Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ х1алхьолеб, гьев парахалъулеб г1ужги буго сордо. Г1емерисел г1адамал Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ гьапуллъараб мехалъ гьев чиясе х1алхьи щола Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсеялдалъун ва гьесие г1ибадат гьабиялдалъун. **Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къоги гьабуна жиндилъ канлъи бугеблъун.** Нуж нужерго х1ажатазулъ, х1алт1и-пишаялъулъ хьвадизе санаг1ат бугеблъун. **Х1акълъунго гьаб рехсараб жоялъульги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда ва гьесул къудраталда т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго, жидеда жо раг1улеб ва гьеб бич1ч1улеб къавмалъе.**

قَالُواْ ٱتَّخَذَ ٱللَّهُ وَلَدٗاۗ سُبۡحَٰنَهُۥۖ هُوَ
ٱلۡغَنِيُّۖ لَهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۚ
إِنۡ عِندَكُم مِّن سُلۡطَٰنِۭ بِهَٰذَآۚ
أَتَقُولُونَ عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ٦٨

**68. Капурзабаца абулеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие васлъун цоги чи ккун вугин абун.** Г1узайр вугин, Г1иса вугин Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ васалан абуна ягьудияз ва насранияз. Маккаялъул мушриказ малаикзаби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ясал ругин абуна. **Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вац1адав вуго гьез бицунеб хабаралдаса. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ бечедавги вуго.** Щибго жоялда жив х1ажат гьеч1ев, жиндие васалги х1ажат гьеч1ев. **Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобал-ракьалда жаниб бугеб кинабго махлукъ.**

**Нужее щибго х1ужа-г1иллаги гьеч1о нужеца абулеб гьересияб раг1иялъе. Нужедаго лъалареб жо щай нужеца абулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1акъалъулъ?** Гьеб жо нужер жагьиллъи ва ах1макълъи буго.

قُلۡ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَفۡتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلۡكَذِبَ
لَا يُفۡلِحُونَ ٦٩

**69. Дуца абе Мх1аммад: «Х1акълъунго Аллагьасде г1унт1изе гьабун гьереси бицунел г1адамал жидер щибго**

**лъик1лъиялде кверщел батуларел руго»-абун.**

**70. Гьел г1адамал дагьабго мехалъ дунялалда рук1ине руго, гьеб дунялалдаса мунпаг1ат босулел абун. Цинги ахираталда гьезул руссин дида буго.**

مَتَٰعٞ فِي ٱلدُّنۡيَا ثُمَّ إِلَيۡنَا مَرۡجِعُهُمۡ ثُمَّ نُذِيقُهُمُ ٱلۡعَذَابَ ٱلشَّدِيدَ بِمَا كَانُواْ يَكۡفُرُونَ ٧٠

Х1исаб-мизан гьабизе ва жидее жазаъ гьабизе. **Гьеб ахираталда дица гьезда ц1акъ гучаб г1азаб ч1амизабила, гьаб дунялалда жидеца дида ва дир русулазда инкар ккун бук1ин сабаблъун.** Дида гьереси г1унт1изабун, дир расулал عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарун хьвади сабаблъун.

**71. Дуца Маккаялъул мушриказе ц1але Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Нух1 аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хабар. Гьев Нух1ица жиндир къавмалда абураб мехалъ: «Я дир къавм! Нужее ц1акъго зах1малъун батани дун нужеда гьоркьов вук1ин ва дица нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун ваг1за-насих1ат гьабулеб бук1инги.**

۞ وَٱتۡلُ عَلَيۡهِمۡ نَبَأَ نُوحٍ إِذۡ قَالَ لِقَوۡمِهِۦ يَٰقَوۡمِ إِن كَانَ كَبُرَ عَلَيۡكُم مَّقَامِي وَتَذۡكِيرِي بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ فَعَلَى ٱللَّهِ تَوَكَّلۡتُ فَأَجۡمِعُوٓاْ أَمۡرَكُمۡ وَشُرَكَآءَكُمۡ ثُمَّ لَا يَكُنۡ أَمۡرُكُمۡ عَلَيۡكُمۡ غُمَّةٗ ثُمَّ ٱقۡضُوٓاْ إِلَيَّ وَلَا تُنظِرُونِ ٧١

Нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятаздалъун дица х1инкъи кьолеб бук1инги. Гьеб зах1малъун нужеца дие х1илла ургъулебги бугони: дун ч1вазе абун, нужеда гьоркьоса нахъе къот1изе абун. **Дица таваккал т1амун буго дир Бет1ергьан Аллагьасда. Нужеца данде бак1аре нужер къуват ва г1ахьалчаг1и (хъанчал), ва дие гьабулеб тамих1алъе нуж ургъе, нужеца х1укмуги гьабе. Гьеб амруги нужеда гьоркьоб бахчун течlого загьир гьабе. Цинги нужеца гьеб иш т1убазабе цох1о саг1аталъ нахъбахъун теч1ого»-абун.** Дун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божарав, гьесда таваккал т1амурав вуго, гьесда лъач1ого ва гьесул изну гьеч1ого дида щибго жо щвезе гьеч1о.

**72. Нуж дидаса руссун ч1ей ва нужеца ваг1за-насих1ат босун гут1и дица нужедаса мухь т1алаб гьабулеб бук1иналъе г1оло гьеч1о нуж х1акъаб диналда ах1аралъухъ. Гьеб руссун ч1ей буго нужерго купру ва къосин. Дие ажро-кири Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об буго дица гьесул амруялда нахъвилълъун нуж х1акъаб диналда ах1иялда данде. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида амруги гьабун буго дун исламияб диналда вук1а абун:**

فَإِن تَوَلَّيۡتُمۡ فَمَا سَأَلۡتُكُم مِّنۡ أَجۡرٍۖ إِنۡ أَجۡرِيَ إِلَّا عَلَى ٱللَّهِۖ وَأُمِرۡتُ أَنۡ أَكُونَ مِنَ ٱلۡمُسۡلِمِينَ ٧٢

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие мут1иг1лъун вук1а абун. Нужеца алагьзабилъун ккурал хъанчаздаса рик1к1алъе ва гьезда рагъ гьабе абунги.

فَكَذَّبُوهُ فَنَجَّيْنَٰهُ وَمَن مَّعَهُۥ فِى ٱلْفُلْكِ وَجَعَلْنَٰهُمْ خَلَٰٓئِفَ وَأَغْرَقْنَا ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا ۖ فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُنذَرِينَ ﴿٧٣﴾

**73. Жиндир къавмалъ Нух1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьереси гьавуна. Цинги дица Нух1 аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ, гьесда цадахъ ругел муъминзабиги гамида жанир рек1инарун хвасар гьаруна. Гьал муъминзаби ракьалда т1ад ц1ияб насло т1ибит1иялъе аслолъунги гьаруна. Дир аятал гьереси гьарурал, Нух1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ нахърилълъич1ел г1адамалги дица гъанкъизаруна. Дуца пикру гьабеха Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жидее х1инкъи кьедалго гьеб босич1ел къавмазул ахир киндай ккана абун.**

Аяталъул мурад буго цересел умматазул хабар бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул рак1 парахат гьаби: гьез аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарураблъи ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел гьалаг гьарун жиндир русулазе квер бакъараблъиги. Гьединго аяталъ х1инкъи кьолеб буго Маккаялъул агьлуялъеги: нужеца иман лъеч1они, гьел къавмазе гьабураб г1азаб нужееги гьабула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, абун.

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنۢ بَعْدِهِۦ رُسُلًا إِلَىٰ قَوْمِهِمْ فَجَآءُوهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَمَا كَانُوا۟ لِيُؤْمِنُوا۟ بِمَا كَذَّبُوا۟ بِهِۦ مِن قَبْلُ ۚ كَذَٰلِكَ نَطْبَعُ عَلَىٰ قُلُوبِ ٱلْمُعْتَدِينَ ﴿٧٤﴾

**74. Гьав Нух1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ хадурги рит1ана дица аварагзаби жидер къавмазухъе. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан х1акъал х1ужабигун ва муг1жизаталгун рач1ана гьел русулал. Амма гьел къавмазги иман лъеч1о дол цересел къавмаз гьереси гьабураб жоялда.**

Дозие гьабураб г1акъуба-г1азабалъул гьезие ваг1за-насих1атги лъугьич1о. **Гьадин мугьру ч1вала дица жудеца иман лъоларел, купру-ширкалъулъ ва х1ал хъублъиялъулъ г1орхъолъан арал г1адамазул рак1азда.** Гьезие аварагзабаца عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва умматазул къисабаца мунпаг1ат гьабуларо.

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنۢ بَعْدِهِم مُّوسَىٰ وَهَٰرُونَ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَإِي۟هِۦ بِـَٔايَٰتِنَا فَٱسْتَكْبَرُوا۟ وَكَانُوا۟ قَوْمًا مُّجْرِمِينَ ﴿٧٥﴾

**75. Гьелдаса хадуб дица Муса ва Гьарун авараг عَلَيْهِمَا السَّلَامُ вит1ана пирг1авнида ва гьесул къавмалда,** гьесул вазирзабазда ва г1акълу чаг1азда, **дир муг1жизаталгун цадахъ.**

Ич1го к1удияб муг1жизат бук1ана Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ. Гьелъул

бицен гьабуна «Суратул Аг1рафалда»

**Муса аварагасда ﷺ нахърилълъизе гьел ч1ух1ана ва ц1акъ к1удиял пасалъаби ва г1асилъаби гьарулеб къавмлъун лъугьана.**

فَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ مِنْ عِندِنَا قَالُوٓا۟ إِنَّ هَٰذَا لَسِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿٧٦﴾

**76. Гьезухъе дир рахъалъан бугеб х1акъаб Рисалат бач1араб мехалъ,** гьеб рисалат босун Муса аварагги ﷺ вач1араб мехалъ, **гьез абуна: «Х1акълъунго гьаб жо ц1акъ баянаб, лъик1 ругьун гьабураб сих1ро буго»-абун.**

قَالَ مُوسَىٰٓ أَتَقُولُونَ لِلْحَقِّ لَمَّا جَآءَكُمْ ۖ أَسِحْرٌ هَٰذَا وَلَا يُفْلِحُ ٱلسَّٰحِرُونَ ﴿٧٧﴾

**77. Муса аварагас ﷺ абуна: «Аллагьасул ﷻ рахъалъан бач1араб х1акъаб жоялдейищ нужеца абулеб бугеб гьеб сих1ро бугин абун. Сих1рочаг1и кидаго бергьунаро ва гьезул лъик1лъиялда кверщелги батуларо»-абун.**

قَالُوٓا۟ أَجِئْتَنَا لِتَلْفِتَنَا عَمَّا وَجَدْنَا عَلَيْهِ ءَابَآءَنَا وَتَكُونَ لَكُمَا ٱلْكِبْرِيَآءُ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا نَحْنُ لَكُمَا بِمُؤْمِنِينَ ﴿٧٨﴾

**78. Пирг1авнил къавмалъ абуна: мун нижехъе вач1унищха вугев ниж нижер умумузул диналдаса руссинаризе? Нуж к1иясего бокьунищ бугеб нуж рук1ине гьаб мисриялъул ракьалда ханзабилъун. Ниж гьеч1о нужеда божулеллъун ва нужеда нахъ рилълъулеллъунги»-абун.**

وَقَالَ فِرْعَوْنُ ٱئْتُونِى بِكُلِّ سَٰحِرٍ عَلِيمٍ ﴿٧٩﴾

**79. Цинги пирг1авница жиндир вазиразда абуна: «Нужеца данде рак1арун дихъе раче бищунго лебалал сих1рочаг1и»-абун.**

Жидеца сих1ро гьабулел ва жидеда гьеб сих1ро гьабиялъул г1илму лъалел. Гьав Муса гьез сих1ро гьабун къезавизе цинги гьесие г1азабги гьабизе, гьереси бицун, авараг вуго абун, нилъехъе вач1иялде данде.

فَلَمَّا جَآءَ ٱلسَّحَرَةُ قَالَ لَهُم مُّوسَىٰٓ أَلْقُوا۟ مَآ أَنتُم مُّلْقُونَ ﴿٨٠﴾

**80. Гьел сих1ро чаг1и рач1араб мехалъ Мусаца гьезда абуна: «Рехе нужерго сих1ро гьабулеб алат г1одобе»-абун.**

Г1унсби ва кварал рук1ана гьезда кодор ва жидеца гьел г1одоре рехана. Гьезул ч1агоял борхьазул сурат лъугьун, гьел хьвадизе лъугьана.

فَلَمَّآ أَلْقَوْا۟ قَالَ مُوسَىٰ مَا جِئْتُم بِهِ ٱلسِّحْرُ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ سَيُبْطِلُهُۥٓ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُصْلِحُ عَمَلَ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٨١﴾

**81. Гьез г1унсби ва кварал г1одоре рехун, гьел борхьал ругин рак1алде ккезабидал, Муса аварагас ﷺ абуна: «Гьаб нужеца гьабураб жо буго унго-унгояб сих1ро. Х1акълъунго**

**Аллагьас нужер гьеб сих1ро бат1ул гьабизе буго. Х1акълъунго Аллагьас пасадал чаг1азул г1амал лъик1аблъун ва бит1араблъун гьабуларо.**

وَيُحِقُّ ٱللَّهُ ٱلْحَقَّ بِكَلِمَـٰتِهِۦ وَلَوْ كَرِهَ ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿٨٢﴾

**82. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **х1акъаб жо х1акъаблъунги гьабула** жиндир х1ужабаздалъун ва мух1канал далиласдалъун, **киг1анго гьеб рихун бугониги купру-ширкалдалъун Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **г1асилъарал г1адамазе»-абун.**

Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام жиндир г1анса г1одобе рехарабго гьелъ дозул г1унсбиги кваралги к1алдире рачун къулч1ана. Сих1ро чаг1азда якъинго лъана гьев Муса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул вук1ин ва жидеца гьесда иман лъуна.

فَمَآ ءَامَنَ لِمُوسَىٰٓ إِلَّا ذُرِّيَّةٌ مِّن قَوْمِهِۦ عَلَىٰ خَوْفٍ مِّن فِرْعَوْنَ وَمَلَإِي۟هِمْ أَن يَفْتِنَهُمْ ۚ وَإِنَّ فِرْعَوْنَ لَعَالٍ فِى ٱلْأَرْضِ وَإِنَّهُۥ لَمِنَ ٱلْمُسْرِفِينَ ﴿٨٣﴾

**83. Муса аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَام **иман лъеч1о ва гьесда нахъги рилълъич1о бануисраилазул дагьалго г1адамал гурони. Гьел г1адамал х1инкъана пирг1авнил ва гьесул чукъбузул зулмуялдаса.**

Жидее гьез г1азаб гьабила абун. Ц1акъ залимав хан вук1ана гьев пирг1авн, жив Аллагь вугоян абизе нечеч1ев. **Ц1акъ ракьалда пасалъи ва зулму гьабулев, г1амал к1удияв пасикъ вуго гьев пирг1авн. Х1акълъунго Гьев цогидал капурзабаздасаги г1орхъолъан ворч1арав, г1асилъи бергьарав ах1макъ вуго.** Жив нужер бет1ергьан вуго абун жиндир къавмалда абурав, жив гуресе лагълъи гьабурасе г1азаб кьезеги къот1и гьабурав.

وَقَالَ مُوسَىٰ يَـٰقَوْمِ إِن كُنتُمْ ءَامَنتُم بِٱللَّهِ فَعَلَيْهِ تَوَكَّلُوٓا۟ إِن كُنتُم مُّسْلِمِينَ ﴿٨٤﴾

**84. Муса аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **абуна: «Я дир къавм: нуж Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъурал ратани нужеца гьесда таваккалги т1аме. Нуж Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мут1иг1ал ратани ва дида нахъ рилълъунелги ратани,** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее г1ей гьабизе буго нужер киналго умуразулъ ва нужедаса кинабго балагь-къварилъиги гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ борхизе буго абун.

فَقَالُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ تَوَكَّلْنَا رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلْقَوْمِ ٱلظَّـٰلِمِينَ ﴿٨٥﴾

**85. Мусал иман лъураб къавмалъ абуна: «Нижеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **тавакал т1амуна: я нижер Бет1ергьан Аллагь! Дуца ниж гьаруге гьеб зулмуяб къавмалъе питналъун.**

Дуца гьел нижее зулму гьабизе реччаге, цинги жидеца абизе: «Гьал г1адамал х1акъаб диналда рук1аралани гьал нижедаса къезе рук1инч1о»-абун.

وَنَجِّنَا بِرَحْمَتِكَ مِنَ ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٨٦﴾

**86. Дурго ц1об рах1маталдалъун дуца ниж хвасарги гьаре, гьаб пирг1авнил капураб къавмалъул зулмуялдаса»-абун.**

وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰ وَأَخِيهِ أَن تَبَوَّءَا لِقَوْمِكُمَا بِمِصْرَ بُيُوتًا وَٱجْعَلُوا۟ بُيُوتَكُمْ قِبْلَةً وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ ۗ وَبَشِّرِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٨٧﴾

**87. Цинги дица Муса аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьесул вац Гьарунида вах1ю гьабуна нужеца къавмалъе ккве абун мисриялъул ракьалда минаби ва росаби. Цинги нужер рукъзалги гьаре къиблалъун, гьел рукъзабахъ какалги рай ва дуца муъминзабазда роххелги бице.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квербакъиялдалъун, тушбабазда нуж бергьине рук1иналдалъунги. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1елун, гьесда дуг1а г1емер гьабун, гьесие г1ибадат гьабун хьвади бугелъул Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квербакъиялъе сабаб, гьал бануисраилаздаги амру гьабуна какал рай абун. Пирг1авнил къавмалъ загьиралда какал разе гьукъизе рук1индал, гьезие изно кьуна жедерго рукъзабахъ какал разе.

وَقَالَ مُوسَىٰ رَبَّنَآ إِنَّكَ ءَاتَيْتَ فِرْعَوْنَ وَمَلَأَهُۥ زِينَةً وَأَمْوَٰلًا فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا رَبَّنَا لِيُضِلُّوا۟ عَن سَبِيلِكَ ۖ رَبَّنَا ٱطْمِسْ عَلَىٰٓ أَمْوَٰلِهِمْ وَٱشْدُدْ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُوا۟ حَتَّىٰ يَرَوُا۟ ٱلْعَذَابَ ٱلْأَلِيمَ ﴿٨٨﴾

**88. Муса аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир Бет1ергьанасда дуг1а гьабун абуна: «Я нижер Бет1ергьан! Дуца гьаб дунялалда пирг1авние ва гьесул агьлоялъе кьун буго г1емераб бечелъи ва г1арац-месед, гьелъул ч1ух1дае т1ад рет1улеб курхьен к1илик1ги. Я нижер бет1ергьан, гьез гьеб бечелъи кколеб буго дур г1емерисел лагъзал бит1араб нухдаса къосинариялъе сабаблъун ва дуе г1ибадат гьабиялдаса гьел руссинарилъе нухлъунги. Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Дуца гьезул боц1и-мал гьалаг гьабе, цо балагь т1аде биччан т1аг1изе гьабе. Дуца гьезул рак1ал ц1акъ щула гьаре, жидеда мугьру ч1ван, гьезда жаниб щибго лъик1лъи лъугьунареб х1алалъ. Жидеца иман лъеч1ого бук1ине дур гучаб г1азаб жидеда бихьизег1ан. Цинги гьезие гьеб иманалъ щибго мунпаг1ат гьабич1ого бук1ине»-абун.**

Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьаб пирг1авнил къавмалъе квешаб дуг1а гьабиялъе сабаб буго гьел ц1акъ къосарал, зулму г1емерал, г1асилъи бергьарал рук1ин. Цогиги сабаб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ илгьамалдалъун

Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ лъалеб бук1ана гьеб къавмалъ иман лъезе гьеч1еблъи. Гьезул боц1и-мал гьалаг гьабе абун гьариялъе сабаб буго: гьединаб капураб, г1асияб, пасикъаб, къавмалъухъ г1емераб бечелъи ва хазина бихьараб мехалъ г1адамазда рак1алда кколеб бук1ана гьел бит1араб диналда ругин, гурони Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел ханлъиялда ва бечелъиялда тезе рук1инч1ин абун.

قَالَ قَدْ أُجِيبَت دَّعْوَتُكُمَا فَٱسْتَقِيمَا وَلَا تَتَّبِعَآنِّ سَبِيلَ ٱلَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٨٩﴾

**89. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Нуж к1иясулго дуг1аялъе жаваб кьуна. Нуж Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьабиялда ва гьесул диналда халкъ ах1иялда рит1ун ч1а. Нуж нахърилълъунге жидеда щибго жо лъаларел ах1макъал г1адамазул нухда»-абун.**

Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дуг1а гьабуна, Гьарун аварагас амин абулеб бук1ана» абун.

Ат1абарияс абуна: «Гьаб дуг1а гьабун хадуб к1икъого сон ана Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб дуг1аялъе жаваб гьабун пирг1авнги гьесул къавмги гьалаг гьабизег1ан»-абун.

Ибнукасирица абуна: «Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ пирг1авнил къавмалъе квешаб дуг1а гьаби бук1ана Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло ццим бахъун»- абун.

۞ وَجَٰوَزْنَا بِبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱلْبَحْرَ فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ وَجُنُودُهُۥ بَغْيًا وَعَدْوًا ۖ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَدْرَكَهُ ٱلْغَرَقُ قَالَ ءَامَنتُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱلَّذِىٓ ءَامَنَتْ بِهِۦ بَنُوٓا۟ إِسْرَٰٓءِيلَ وَأَنَا۠ مِنَ ٱلْمُسْلِمِينَ ﴿٩٠﴾

**90. Дица бануисраилазда ралъад бахинабуна.** Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ г1анса кьабун анц1ила к1иго нух лъугьун ралъад бикь-бикьун ана ва Муса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир къавмгун цадахъ щибго къварилъи ккеч1ого, х1ет1е-квер биччич1ого дорехун рахана. Гьеб ралъад буго гьанже суэцкий канал бугеб бак1алда г1агарда.

**Гьев Мусада ва гьесул къавмалда хадур лъугьана пирг1авнги гьесул къавмги тушманлъи гьабун ва жидеца гьел гьалаг гьаризе къасдалда.** Пирг1авнида рак1алда бук1ана бануисраилал ралъдалъе к1анц1изарун гъанкъизаризе. **Цинги пирг1внида т1аде ралъад бач1индал ва жив гъанкъулев вук1ин гьеда якъинлъидалго гьес, абуна: «Дица иман лъуна цоги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьеч1ин, бануисраилаз жинда иман лъурав, ва гьез г1ибадат гьабулев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурони. Дунги гьесие мут1иг1лъараздаса вуго» абун**. «Лаилагьа илла Ллагь» абун ч1еч1ого жегиги «дун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мут1иг1ав вуго» абуна гьес,

жиндир т1убанго рес къот1идалго ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1ани гурого жиндие ворч1изе бак1 гьеч1еблъи бич1индал.

Ибнуг1аббасица абуна: *«Жабраил малаикас гьесул к1алдибе х1аш къазабуна, г1емер зигардун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1ун гьев гьанкъиялдаса хвасар гьавич1ого вук1ине бокьун»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица ва Тирмизияс бицана, лъик1аблъун.

ءَآلْـَٔـٰنَ وَقَدْ عَصَيْتَ قَبْلُ وَكُنتَ مِنَ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٩١﴾

**91. Т1адег1анав Аллагьас абуна: гьанжейишха дуца иман лъолеб, гьеб иман лъеялъ дуе кумек гьабулареб г1ужалъ дунялалда мун ц1акъ ч1ух1ун, дида г1асилъун хьвадулевги вук1ун.**

**Мун ракьалда пасалъаби гьарулезул бищунго к1удиявги вук1ана:** дуца г1адамал къосинарун, гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дин гьабиялдаса нахъч1вана. Х1атта Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данде вагъизе къасд гьабуна «дун вуго алагь» абун жиндир къавмалда лъазабун.

فَٱلْيَوْمَ نُنَجِّيكَ بِبَدَنِكَ لِتَكُونَ لِمَنْ خَلْفَكَ ءَايَةً ۚ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ ٱلنَّاسِ عَنْ ءَايَـٰتِنَا لَغَـٰفِلُونَ ﴿٩٢﴾

**92. Гьанже дица жиндилъ рух1 гьеч1еб дур къаркъала хвасар гьабила, дудасан хадур рач1улел г1адамазе ваг1залъун бук1ине.**

Дуца г1адин г1амал к1одолъи гьабулезе г1ибратлъунги бук1ине. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: бануисраилазул цо-цоял божулел рук1инч1о пирг1авн хвана абун. Гьезие бихьизе гьел къват1ир рахъараб рахъалде реххана ралъадалъ пирг1авнил къаркъала. Гьорон, ч1ег1ерлъун, капурго хвараб х1айваналда релълъун бук1ана гьеб къаркъала.

**Х1акълъунго г1адамазул г1емерисел дир аятаздаса ва дир муг1жизатаздаса гьапулал руго ва гьезда мугъ бан ч1олел руго.** Гьезул пикру гьабулеб гьеч1о ва гьездаса жидее г1акълоги щолеб гьеч1о.

Гьаб къо мух1арам моц1алъул анц1абилеб къо бук1ана «Г1ашураъ» къо жинда абулеб. *Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварав Мадинаялда вач1араб мехалъ, гьесда ягьудиял ратана жидеца гьеб къоялъ к1ал кколеллъун. Гьезда гьикъидал гьелъие щиб сабаб бугеб абун, ягьудияз абуна: «Гьеб буго бануисраилал пирг1авнил къавмалдаса Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *хвасар гьарураб къо, ва Муса аварав* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *хвасар гьавураб къо»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас асх1абзабазда абуна: «Муса аварагасул* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *х1урмат гьабизе нуж рекъарал руго ва цереселги руго гьаздасан. Нужецаги к1ал ккве»* -абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Гьел пирг1авнал Мисраялда г1емерал рук1ана. Мусал заманаялъ

вук1арав пирг1авн Рамзесил вас вук1анин абуна. Анц1ила ич1абилев пирг1авн вук1ана гьеб тухумалъул. Гьеб заманги бук1ана Г1иса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавизе цебеккун 13 абилеб къарно. Гьанжеялдасан лъабазаралда лъабнусго соналъ ццебеккун.

وَلَقَدْ بَوَّأْنَا بَنِيٓ إِسْرَٰٓءِيلَ مُبَوَّأَ صِدْقٖ
وَرَزَقْنَٰهُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ فَمَا ٱخْتَلَفُواْ حَتَّىٰ
جَآءَهُمُ ٱلْعِلْمُۚ إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِي بَيْنَهُمْ يَوْمَ
ٱلْقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُواْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Цинги дица бануисраилал решт1инаруна ва гьел бет1ергьабилъун гьаруна Мисриялъул ва Шамалъул лъик1ал, маг1ишат гьабизе санаг1ат бугел ракьазда. Гьезие бат1и-бат1ияб ризкъиги кьуна. Гьел бануисраилал жидер диналъулъги хилиплъич1о жидехъе г1илму бач1ун гурони.** Муса аварагасухъе عَلَيْهِ السَّلَامُ таврат кьун хадуб байбихьана жидеца гьев аварагасда хилиплъизе. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ниг1матал г1емерлъидалго, гьезда щукро гьабизеги т1алъун бук1адго, ягьудияз г1амал к1одолъи загьир гьабизе байбихьана. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вит1изег1ан ягьудиязул г1алимзаби гьесде иман лъурал рук1ана, твраталда бугеб биценалда рекъон. Гьев авараг вит1ун хадуб хилиплъана г1емерисел гьесул х1акъалъулъ ва гьесда инкар ккун ч1ана.

**Х1акълъунго дур Бет1ергьанас гьезда гьоркьоб х1укму гьабизе буго Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, къиямасеб къоялъ, гьел жиндилъ хилиплъараб диналъул х1акъалъулъ.** Гьезул г1емерисел жужах1алъур унеллъун рук1ине руго жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулаздаги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ хилиплъи гьаби сабаблъун.

فَإِن كُنتَ فِي شَكّٖ مِّمَّآ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ فَسْـَٔلِ
ٱلَّذِينَ يَقْرَءُونَ ٱلْكِتَٰبَ مِن قَبْلِكَۚ
لَقَدْ جَآءَكَ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ
ٱلْمُمْتَرِينَ ﴿٩٤﴾

**94. Гьаб дуде решт1инабураб ягьудиязул хабаралъул дуе х1акъикъат лъазе бокьани, дуца гьел ягьудиязул т1ахьал ц1алулел г1адамазда гьикъе: дудаса цере рук1арал гьел т1ахьалги.** Инжил Таврат ц1алулел г1адамазда гьикъе щиб жо хъван бугеб гьел т1ахьаздаян абун. **Духъе бач1араб Къуръан х1акъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам буго Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жинда жаниб бат1улаб жо гьеч1еб, жинца х1акъаб жоги бицулеб. Гьеб амруялъулъ мун щакдаруге ва гьел мушриказул хабаралъ дур рак1алда вас-вас рехизабуге.**

وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ
فَتَكُونَ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٩٥﴾

**95. Мун вук1инего вук1уге Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал ва муг1жизатал гьереси гьарулездаса. Цинги мун дунялги ахиратги г1адада ккарал, жал**

**ч1орого хут1арал г1адамазда гьоркьов вук1уна.**

Байзавияс абуна: гьаб к1иябго аяталда жаниб хит1аб аварагасда ﷺ гьабун буго, амма мурад гьев аварагасул уммат буго. т1адег1анав Аллагьасда лъала жиндир авараг щаклъулареблъи ва гьес Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал гьереси гьаруларeблъиги. Цогиги гьаб к1иябго аяталдаса мурад буго капурзабазул ва мушриказул исламияб диналдаса хьул къот1изе гьаби.

**96. Х1акълъунго т1адег1анав Аллагьасул азалияб г1илмуялда рекъон жидее жужах1 х1акълъарал г1адамаз иман лъоларо.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ حَقَّتۡ عَلَيۡهِمۡ كَلِمَتُ رَبِّكَ لَا يُؤۡمِنُونَ ٩٦

**97. Жидехье киг1ан г1емерал ва к1удиял муг1жизатал рач1аниги, жидеда гучаб г1азаб бихьизег1ан гьез иман лъоларо.** Ч1аго дунялалда бихьун гьеб г1азаб, пирг1авнида бихьараб г1адин, яги ахираталда жужах1алъул г1азаб бихьун.

وَلَوۡ جَآءَتۡهُمۡ كُلُّ ءَايَةٍ حَتَّىٰ يَرَوُاْ ٱلۡعَذَابَ ٱلۡأَلِيمَ ٩٧

**98. Цониги росдал агьло бук1арабани жидее х1инкъи кьураб мехалъ жидеца иман лъурал ва гьеб иман лъеялъ жидее мунпаг1атги гьабурал.** Дица гьалаг гьарурал умматаздаса цониги умматалъ иман лъеч1о жидее х1инкъи кьураб мехалъ. **Цох1о Юнус аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъ гурони. Гьез иман лъураб мехалъ дица гьездаса борхана гьел дунялалъул рукъор инжит гьаризе бук1араб г1азаб ва дица гьел нахъ рахъун тана жидее кьураб ажал (г1умру) т1убазег1ан**.

فَلَوۡلَا كَانَتۡ قَرۡيَةٌ ءَامَنَتۡ فَنَفَعَهَآ إِيمَٰنُهَآ إِلَّا قَوۡمَ يُونُسَ لَمَّآ ءَامَنُواْ كَشَفۡنَا عَنۡهُمۡ عَذَابَ ٱلۡخِزۡيِ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَمَتَّعۡنَٰهُمۡ إِلَىٰ حِينٖ ٩٨

Юнусил къавм буго «Нинава»-абулеб бак1алда рук1арал г1адамал. Гьез г1асилъаби г1емер гьаридалго Юнус авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьезда «Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан г1азаб решт1ине буго нужеда»-янги абун гьезда гьоркьоса ват1алъун цоги рахъалде ана. Цинги гьеб къавм х1инкъана гьанже жидеда г1азаб решт1илин абун. Жидеца тавбо гьабун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаризе ва г1одизе бай бихьана жал гьалаг гьаруге абун. Басрияб т1ут1ураб рет1елги т1ад рет1ун, жидер кинабго хъизан-лъимал, х1айваналги рачун алахалда рахъана. Эбел т1инч1алдаса бат1а гьабун гьел цоцаде ах1изаруна, жалгоги г1одана. Гьадин к1икъого къо бараб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул тавбо къабул гьабуна ва гьезда г1азаб решт1инабич1о.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб х1адисалда буго:

*«Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дида аварагзаби* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *ва гьезулумматал рихьизаруна. Цо-цо к1и-к1и чи гурони жидеда нахърилъинч1елги руго аварагзаби* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ*, г1емерал г1адамал нахърилълъаралги руго. Муса аварагасда* عَلَيْهِ السَّلَامُ *хадуб буго г1емераб уммат. Бищунго г1емераб уммат дида хадуб буго. Жиндир къавмалъул киналго г1адамаз иман лъурав, гьел жинда мут1иг1лъарав авараг цох1о Юнус* عَلَيْهِ السَّلَامُ *гурони гьеч1о»* – абун. Х1адис ибну Касирица бицана кьуч1аблъун.

وَلَوْ شَآءَ رَبُّكَ لَآمَنَ مَن فِي ٱلْأَرْضِ كُلُّهُمْ جَمِيعًا ۚ أَفَأَنتَ تُكْرِهُ ٱلنَّاسَ حَتَّىٰ يَكُونُوا۟ مُؤْمِنِينَ ﴿٩٩﴾

**99. Т1адег1анав Аллагьасе бокьараб ани гьаб ракьалда т1ад бугеб кинабго халкъ бук1инаан жидеца иман лъурал.**

Кинниги, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб халкъ тун буго жидеца т1аса бищараб нухда хьвадизе ва гьезда х1ал гьабун, гьезие бокьич1ого иман лъезабулеб гьеч1о. **Дудаги к1оларо Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гьел г1адамазе бокьун гьеч1еб мехалъ гьезда иман лъезабизе.** Дуда т1адаб жо буго гьел иман лъеялда ах1и. Х1ал гьабун гьезда иман лъезабизе абун мун лъугьуге, гьез иман лъеч1о абун дур рак1ги къварилъуге.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ц1акъ ях1 бахъулев вук1ана киналго г1адамаз иман лъезе бокьун. Т1адег1анав Аллагьас гьаб аят решт1изабун жиндир аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бицана Лавх1улмах1фузалда бахьибугеллъун ругел г1адамаз гуро иман лъоларин ва гьенир къосараллъун ругел г1адамал жидер къосиналда хут1улин абун.

وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ أَن تُؤْمِنَ إِلَّا بِإِذْنِ ٱللَّهِ ۚ وَيَجْعَلُ ٱلرِّجْسَ عَلَى ٱلَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٠٠﴾

**100. Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **изнуялдалъун ва гьесул тавпикъалдалъун гурони иман лъоларо цониги напсалъ. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир г1азаб т1ад гьабула жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **г1аламатазул пикру гьабуларел ва жидер Бет1ергьан Аллагь вук1ин лъаялда нухги балагьуларел ах1макъал г1адамазда.**

قُلِ ٱنظُرُوا۟ مَاذَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَمَا تُغْنِي ٱلْـَٔايَٰتُ وَٱلنُّذُرُ عَن قَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُونَ ﴿١٠١﴾

**101. Дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, нуж ралагьун нужеца пикру гьабе, я гьал г1адамал, зобал-ракьазда жаниб щиб жодай буго абун ва гьелдалъун Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо вук1иналда далилги босе. Ва амма жидеца иман лъолареб къавмалъе г1ей гьабуларо киг1ан к1удиял г1аламатал рихьаниги ва жидехъе аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рач1ун гьез жидее х1инкъи кьуниги.**

فَهَلْ يَنتَظِرُونَ إِلَّا مِثْلَ أَيَّامِ ٱلَّذِينَ
خَلَوْا۟ مِن قَبْلِهِمْ ۚ قُلْ فَٱنتَظِرُوٓا۟ إِنِّى مَعَكُم
مِّنَ ٱلْمُنتَظِرِينَ ١٠٢

**102. Гьел купарал ва жидеца ширк гьабулел г1адамал жинда ралагьун ругеб жо гьеч1о,** ва гьезда т1аде бач1ине бугеб жоги гьеч1о гьезда церехун рук1арал, **гьезда релълъарал къавмазда бач1араб г1адаб жо гурони.**

Гьел къавмазда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб щвана. **Дуца гьезда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Нуж ралагьун рук1аха кинаб ахирдай ккола нужер къосиналъулги, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данде рахъиналъулги. Дунги вуго нужгун цадахъ гьеб ахир бач1иналда валагьун вугев»-абун.**

ثُمَّ نُنَجِّى رُسُلَنَا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ۚ
كَذَٰلِكَ حَقًّا عَلَيْنَا نُنجِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ١٠٣

103. Квешаб къавмалда г1азаб решт1инабулеб мехалъ **дица аварагазабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ, дида иман лъурал муъминзабиги гьеб г1азабалдаса хвасар гьарула. Дида т1адаб, х1акъаб жо буго дица иман лъурал г1адамал г1азабалдаса хвасар гьари.** Дунялалъул бук1а гьеб г1азаб яги ахираталъул бук1а.

قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِن كُنتُمْ فِى شَكٍّ مِّن دِينِى
فَلَآ أَعْبُدُ ٱلَّذِينَ تَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ
وَلَٰكِنْ أَعْبُدُ ٱللَّهَ ٱلَّذِى يَتَوَفَّىٰكُمْ ۖ وَأُمِرْتُ أَنْ
أَكُونَ مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ١٠٤

**104. Дуца мушриказда абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Я гьал г1адамал! Нуж щакдарулел ратани дун жиндалъун вач1араб х1акъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъулъ: дица лагълъи гьабулеб гьеч1о нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе, жиндие лагълъи гьабизе х1акъав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабиги жибго тун. Кинниги Дица лагълъи гьабулеб буго жив цогояв Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ, жинца нужги хвезарулев. Дида амруги гьабун буго дун вук1а абун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие г1ибадат бац1ад гьабулел муъминзабаздаса.**

وَأَنْ أَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ
ٱلْمُشْرِكِينَ ١٠٥

**105. Жегиги дида амру гьабун буго дун жиб бит1араб, бац1адаб Ибарагьимил миллатлъун бугеб исламияб диналда ч1а абун ва Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабулел г1адамаздаса вук1унге абун.**

وَلَا تَدْعُ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَنفَعُكَ وَلَا
يَضُرُّكَ ۖ فَإِن فَعَلْتَ فَإِنَّكَ إِذًا مِّنَ
ٱلظَّٰلِمِينَ ١٠٦

**106. Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ цоги щибниги жоялъе г1ибадат гьабуге абунги: щибго жинца дуе зарал гьабулареб ва мунпаг1атги гьабулереб.** Гьелда божун, гьелда хьул лъун вук1унге абунги.

**Нагагь дуца ширк гьабуни мунги жидеца напсазе зулму гьабулел**

**г1адамаздаса вук1ина абун.** Гьаб хит1аб аварагасда ﷺ буго ва амма хит1абалъул мурад гьесул уммат буго.

وَإِن يَمْسَسْكَ ٱللَّهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ لَهُۥٓ إِلَّا هُوَ ۖ وَإِن يُرِدْكَ بِخَيْرٍ فَلَا رَآدَّ لِفَضْلِهِۦ ۚ يُصِيبُ بِهِۦ مَن يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٠٧﴾

**107. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан дуда щиб бугониги зарал ва къварилъи щвараб мехалъ, гьеб дудаса нахъбосулев чи гьеч1о цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьун бугони дуе цо лъик1лъи гьабизе, гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1об-рах1мат нахъч1вазе к1олев чиги гьеч1о. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1об-рах1мат щвезабула жиндие вокьарав чиясда. Х1акълъунго Аллагь жив гурх1улев, жинца мунагьал чурулев вуго.**

قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدْ جَآءَكُمُ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكُمْ ۖ فَمَنِ ٱهْتَدَىٰ فَإِنَّمَا يَهْتَدِى لِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۖ وَمَآ أَنَا۠ عَلَيْكُم بِوَكِيلٍ ﴿١٠٨﴾

**108. Дуца абе Мух1аммад ﷺ, «Я гьал г1адамал! Нужехъе Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан х1акъаб Къуръанги динул-исламги бач1ун буго. Гьеб динул-исламалдаги вач1ун бит1араб нухда хьвадарав чи жиндирго напсалъе лъик1лъи гьабурав вуго,** дунял ахираталъул лъик1лъи жиндие насиблъаравги вуго. **Жив къосарав, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеч1ого ч1арав чи жиндирго напсалъе зулму гьабурав вуго.** Гьелъул балагь ва г1азаб гьесие бук1ине буго.

**Дун нужеда т1ад вакиллъун гьавун гьеч1о.** Нужеда иман лъезабизе ва нужер г1амалазул тадбир гьабизе. Дун вуго нужехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезабулев гьесул расул. Дида т1адаб жоги буго нужеда лъик1аб ва квешаб жо бицин.

وَٱتَّبِعْ مَا يُوحَىٰٓ إِلَيْكَ وَٱصْبِرْ حَتَّىٰ يَحْكُمَ ٱللَّهُ ۚ وَهُوَ خَيْرُ ٱلْحَٰكِمِينَ ﴿١٠٩﴾

**109. Дур киналго умуразулъ мун нахъвилъа Мух1аммад ﷺ, дуда вах1ю гьабураб жоялда. Ва дуца саброги гьабе гьеб вах1ю умматалъухъе щвезабиялда, гьел диналда ах1иялдаги, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дудаги гьеб умматалдаги гьоркьоб х1укму гьабизег1ан.**

Иман лъолелги, иман лъоларелги загьир гьарун, рат1а гьаризег1ан. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца г1адамазда гьоркьоб х1укму гьабулезул бищунго лъик1ав.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату Юнусалъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецц Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 11. Сурату Гьуд

سُورَةُ هُودٍ

*Сурату Юнусалда хадуб Маккаялда решт1инабураб. Жинда жаниб нусиялда къоло лъабго аят бугеб.*

*Гьаб суратги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, ахираталда иман лъейи, х1исаб-мизан, алжан- жужах1алъул бицулеб буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул рак1 парахат гьабизе цересел аварагазабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисабиги рицун руго. Гьесул инсул вац Абут1алиб ва ч1ужу Хадижат хун хадуб Маккаялъул мушриказ аварагасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьесда нахърилълъарал муъминзабазе г1акъуба-къварилъи гьаби ц1ик1к1араб заман бук1ана гьеб. Гьеб х1алалъ жидеца сабро гьабизе ва гьел цересел аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ нахърилълъине сабаблъун рицана гьел къисаби.*

*Сураталъул бай бихьи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам Къуръан к1одо гьабиялдалъун буго лагъзадерие маслах1ат жинца баян гьабулеб, жинда нахъвилълъарав дунял-ахираталда бахьибугевлъун лъугьунеб. Хадуб г1акълиял далилал рачун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1ин, гьаб кинабго махлукъат гьесул мулк бук1ин бицунеб буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъзадерил к1иго къукъа бук1ин бицунеб буго: муъминзаби ва капурзаби, ва гьезул сипатал баян гьарулел руго.*

*Цинги Нух1 аварагасул, Гьуд аварагасул ва гьев жинда рит1арал Г1áдил къавмалъул бицунеб буго. Хадуб Ссалих1 аварагасул, Лут1 аварагасулги бицунеб буго гьел киназдаго Аллагьасул свалат салам лъеги. Сураталъул ахиралдаги гьал хирияв аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къиссаби рициялъе бугеб х1икмат баян гьабун буго ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялдалъун сурат т1убазеги гьабун буго.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

الٓر كِتَٰبٌ أُحْكِمَتْ ءَايَٰتُهُۥ ثُمَّ فُصِّلَتْ مِن لَّدُنْ حَكِيمٍ خَبِيرٍ ١

**1. Алиф, Лам, Ра.**

Гьал х1уруфаздалъун бугеб мурад Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъала.

Мунтахаб абураб тафсиралда гьадин абуна: хирияб сурат бай бихьун буго гьал х1арпаздалъун, Къуръан жинца г1адамал г1ажиз гьарулеб жо бук1иналда т1орит1ел гьабун. Г1араб х1арфаз хъвараб бугониги пасих1ал г1арабиязда к1веч1о Къуръаналда релълъараб жо гьабизе.

Гьеб Къуръан цlалулеб мехалъ гьелда гlенеккизе, хирияб Къуръан жиндир къадро кlудияб Аллагьасул ﷻ калам букlиналда божун, гьелда жаниб щибго батlулаб, гlададисеб жо гьечlеблъи лъан. Жинда жаниб пасихlаб мацlалдалъун, гlажаибаб назмоялдалъун шаргlиял ахlкамал баян гьарураб, жинца инсан хlакъаб нухда тlовитlулеб Аллагьасул ﷻ калам букlиналда ракl чlун.

**Гьаб буго Аллагьасул ﷻ калам Къуръан, жиндир аятал мухlкан гьарураб, жиделъ нукъсанлъи ва загlиплъи гьечlел. Цинги гьел аятазда жанир шаргlиял ахlкамалги баян гьарурал.** Хlалалаб ва хlарамаб жо баян гьабурал, дунял-ахираталда инсан жинда хlажалъулеб жо бицараб. Гьеб Къуръан censored рештlинабиги, гьелъул аятал мухlкан гьариги, хlукмаби баян гьариги. **Аллагьасул ﷻ рахъалъан буго. Жинда кинабго жоялъул хlикмат лъалев, щибаб жоялъул маслахlат лъалев хlакимияв гlалимлъун жив вугев.**

2. Гьаб Къуръан рештlинабун ахlкамал баян гьарун руго. **Нужеца цохlо Аллагьасе ﷻ гурони лагълъи гьабичlого букlине. Дунги вуго гьев Аллагьасул Расул ﷺ, дица нужее хlинкъи кьолев ва роххел бицунев.** أَلَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّا ٱللَّهَ ۚ إِنَّنِى لَكُم مِّنْهُ نَذِيرٌ وَبَشِيرٌ ﴿٢﴾

Аллагьасда ﷻ инкар ккурав, гьесда ширк гьабурав чиясе жужахlалдалъун хlинкъи кьолев. Аллагьасда ﷻ иманлъун лъикlаб гlамал гьабун хьвадарав чиясда алжаналъул роххелги бицунев.

3. **Нужеца Аллагьасдаса ﷻ мунагьал рахчи тlалаб гьабе, цинги тавбо гьабун Аллагьасде ﷻ руссун кинабго квешаб гlамалги те,** Аллагь ﷻ разилъи тlалаб гьабунги хьваде. **Гьедин нуж хьвадани Аллагьас ﷻ нужее лъикlаб, берцинаб гlумру кьела жиндир цlараб заман щвезегlан (жив хвезегlан). Щивав жинца лъикlаб гlамал гьабурав чиясе гьелда релълъараб ва жеги лъикlаб жазаъги гьабула. Къуръаналда нахърилъиналдаса ва дие мутlигlлъиялдаса нужеца мугъ бани, ва нуж дидаса руссун чlани, дун хlинкъун вуго нужеда къиямасеб къоялъул гlазаб щвела абун.** وَأَنِ ٱسْتَغْفِرُوا۟ رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوٓا۟ إِلَيْهِ يُمَتِّعْكُم مَّتَـٰعًا حَسَنًا إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى وَيُؤْتِ كُلَّ ذِى فَضْلٍ فَضْلَهُۥ ۖ وَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ كَبِيرٍ ﴿٣﴾

4. **Тlадегlанав Аллагьасде буго ахираталда нужер киназулго руссин, гьев Аллагь ﷻ вуго жиндир кинабго** إِلَى ٱللَّهِ مَرْجِعُكُمْ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤﴾

**жоялда х1ал к1олев.**

أَلَآ إِنَّهُمۡ يَثۡنُونَ صُدُورَهُمۡ لِيَسۡتَخۡفُواْ مِنۡهُۚ
أَلَا حِينَ يَسۡتَغۡشُونَ ثِيَابَهُمۡ يَعۡلَمُ مَا يُسِرُّونَ
وَمَا يُعۡلِنُونَۚ إِنَّهُۥ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ٥

**5. Мун кант1е Мух1аммад ﷺ, гьел мушриказдаса цо г1адамал руго жидеца рак1алда жаниб аварагасде ﷺ тушманлъи бахчарал ва гьеб загьирлъиялдаса х1инкъун рук1унел.**

Гьабраг1и решт1инабуна «Ахнас ибну Шурайкъ» абулев чиясул х1акъалъулъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вач1ун, гьесда аск1ов г1одов ч1ун, ц1акъ х1еренаб хабар бицунев вук1арав. Загьиралда аварагасе ﷺ бокьулеб пиша гьабулев ва амма рак1алъе аварагги ﷺ муъминзабиги ц1акъ рихун вук1арав.

Гьел мушриказда кколеб буго жидер х1ал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъаларин абун. **Нуж кант1е! Жидер рет1елалъулъги рахчун, босада регун, бец1аб сардилъ бец1аб рукъор ругониги гьез гьабулебги, гьезул рак1азда жаниб бугебги жо лъалев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Х1акълъунго Гьев г1адамазул рек1ел хиялалги жинда лъалев вуго.**

۞وَمَا مِن دَآبَّةٖ فِي ٱلۡأَرۡضِ إِلَّا عَلَى ٱللَّهِ
رِزۡقُهَا وَيَعۡلَمُ مُسۡتَقَرَّهَا وَمُسۡتَوۡدَعَهَاۚ
كُلّٞ فِي كِتَٰبٖ مُّبِينٖ ٦

**6. Ракьалда т1ад цониги рух1ч1аголъи гьеч1о Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие ризкъи кьолеб бук1ун гурони. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала ракьалда т1ад щибаб рух1ч1аголъи ч1олеб бак1, сардилъ жиб буссунеб, жинца босен ва рукъ ккураб бак1. Гьединго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала кидал ва щиб бак1алда щибаб рух1бугеб жо хун ракьалде буссунеблъиги. Гьеб кинабго жо, ва гьеб гуребги зобал-ракьалда лъугьулеб жо, лавх1ул-мах1фузалда хъван бугеб буго.**

Т1адег1анав Аллагьасул жиндир махлукъаталъе ризкъи кьеялъулъ г1ажаибал нухал раго, ва к1удиял х1икматалги руго. Г1емерисеб рух1ч1аголъи цояб цоялъе ризкъилъун бижун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Инсанасе ризкъи ц1акъ г1ат1идаб, бат1и-бат1ияб кьун буго. Хур-хер бугониги, ах-пастан бугониги, х1айванал, х1анч1и ччуг1би ругониги гьеб кинабго жоялдаса жинца кваналев ва лазат босулев вуго инсан. Цох1о г1одов ч1араб бак1алда чанги бат1ияб ниг1мат лъола гьес жиндир чохьониб, ва ц1акъ дагьал гурони гьеч1о квен цебе лъураб мехалъ Алх1амдулиллагь абизе лъалел, цинги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1ар бахъун гьеб кваназе лъалелги. Гьеб квен жиндие кьурав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рецц гьабун, щукро гьабун хьвадизе лъалев чи г1емерав гьеч1о. Гьедин жив вижарав, жив хьихьулев Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ лъач1ого, ч1ух1ун хьвадулев инсан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьавун вуго ракьул х1апараялъе ризкъилъун.

Гьелдасан к1удияб х1икмат щибха бук1инеб пикру гьабулев чиясе.

وَهُوَ ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ فِي
سِتَّةِ أَيَّامٖ وَكَانَ عَرۡشُهُۥ عَلَى ٱلۡمَآءِ
لِيَبۡلُوَكُمۡ أَيُّكُمۡ أَحۡسَنُ عَمَلٗاۗ وَلَئِن
قُلۡتَ إِنَّكُم مَّبۡعُوثُونَ مِنۢ بَعۡدِ ٱلۡمَوۡتِ
لَيَقُولَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ إِنۡ هَٰذَآ إِلَّا سِحۡرٞ
مُّبِينٞ ٧

7. **Гьев Бет1ергьан Аллагь вуго.** жинца нуж рижарав ва нужее ризкъи кьолев. **Жинца зобалги ракьалги анлъго къоялда жанир рижарав.** Жиндие бокьарабани цох1о лах1заталъги бижилаан гьеб кинабго жо, киниги Аллагьас лагъзадерида лъазабулеб буго жидер гьабулеб г1амалалъе заман бук1унеблъи ва гьеб г1амал г1едег1ич1ого гьабизе рекъараб бук1инги.

**Зобал-ракьал рижилелде цебе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **г1арщги лъималда т1ад бук1ана.** Замахшарияс абуна: гьаб раг1иялъ т1орит1ел гьабулеб буго г1арщги, лъимги, зобал-ракьал рижиялда цебе бижараб бук1иналда. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасида гьикъидал: гьеб лъим кибха бук1араб абун, гьес абуна: «Лъим гьаваялда (гьуриялда) т1ад бук1ана»- абун.

**Бет1ергьан Аллагьас гьаб кинабго махлукъатгун цадахъ нужги рижана, нужеца щиб г1амалдай гьабулаян абун х1ал бихьизе.** Нужедаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун хьвадулев щив вук1унев лъазе ва нужер г1амалазда рекъараб жазаъ гьабизе. **Гьаб кинабго махлукъат бижарав халикъги вугин нужер Бет1ергьан Аллагь ва нужги хун хадур т1ад рахъинаризе ругин дуца абураб мехалъ, я Мух1аммад** ﷺ**, гьеб къавмалъул инкарчаг1аца абизе буго: «Гьаб Къуръан жиб баянаб сих1ро буго, гьаб Аллагьасул калам гьеч1о»-абун.**

وَلَئِنۡ أَخَّرۡنَا عَنۡهُمُ ٱلۡعَذَابَ إِلَىٰٓ أُمَّةٖ
مَّعۡدُودَةٖ لَّيَقُولُنَّ مَا يَحۡبِسُهُۥٓۗ أَلَا يَوۡمَ
يَأۡتِيهِمۡ لَيۡسَ مَصۡرُوفًا عَنۡهُمۡ وَحَاقَ بِهِم
مَّا كَانُواْ بِهِۦ يَسۡتَهۡزِءُونَ ٨

8. **Жидее дунялалда г1азаб гьабич1ого, гьеб цо заманаялъ нахъбахъун тараб мехалъ гьез абизе буго щиб бугеб гьеб г1азаб ккун ч1езабураб жо абун.** Гьеб раг1и буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде гьавун абулеб раг1и. **Нуж кант1е, гьеб г1азаб гьезухъе бач1араб мехалъ гьеб нахъ буссинабуларо, ва гьезие х1акълъула жидеца махсароде гьабулеб бук1араб г1азаб, гьезул къабих1аб г1амалалъул жазаълъун.**

وَلَئِنۡ أَذَقۡنَا ٱلۡإِنسَٰنَ مِنَّا رَحۡمَةٗ ثُمَّ
نَزَعۡنَٰهَا مِنۡهُ إِنَّهُۥ لَيَـُٔوسٞ كَفُورٞ ٩

9. **Дица инсанасе ниг1матал кьураб мехалъ:** сахлъи кьун, божилъи кьун, ризкъи кьун, **цинги гьел**

**нигӀматал гьесдаса нахъеги росараб мехалъ, гьев цӀакъ хьул къотӀаравлъун, Аллагьасул нигӀматазда инкар ккуравлъун лъугьуна.**

ТӀокӀал жиндие нигӀматал щвеларо абун ккола гьесда, жив Аллагьасда ﷻ божарав ва гьесда таваккал тӀамулев гьечӀелъул.

وَلَئِنْ أَذَقْنَاهُ نَعْمَاءَ بَعْدَ ضَرَّاءَ
مَسَّتْهُ لَيَقُولَنَّ ذَهَبَ السَّيِّئَاتُ عَنِّي
إِنَّهُ لَفَرِحٌ فَخُورٌ ﴿١٠﴾

**10. Цинги гьеб къварилъиги тӀаса босун дица жиндие нигӀматал кьураб мехалъ гьев чияс абула: гьанже дидаса къварилъи тӀаса ана ва тӀокӀаб дида гьеб бихьизе гьечӀо абун. Гьев цӀакъ чӀухӀун, жиндир гьалмагъзабаздаса тӀокӀавлъун хьвадула.**

Гьаб гӀамал буго жидер рекӀелъ иман гьечӀел гӀасиял гӀадамазул гӀамал: жидее нигӀматал кьолевги гьел нахъе росулевги Аллагь ﷻ вукӀин лъачӀого хьвадула гьединал гӀадамал. НигӀматал кьураб мехалъ щукру гьабизе лъаларо ва гьел тӀаса росараб мехалъ сабро гьабизеги лъаларо гьезда.

إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
أُولَٰئِكَ لَهُمْ مَغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ﴿١١﴾

**11. Жидеда къварилъи щвараб мехалъ сабро гьабулел, кинабго хӀалалъулъ жал лъикӀаб гӀамал гьабунги хьвадулел,** нигӀматазулъ ругониги, къварилъиялда ругониги жидеда Аллагь ﷻ ракӀалда вукӀунел ва гьесие гьабулеб гӀибадат гьоркьоб толарел,- **гьал муъминзаби гьечӀо дол ццере рицарал гӀадамаздаса. Гьал руго жидее Аллагьасул ﷻ рахъалъан мунагьал чури бугел ва ахираталда кӀудияб ажроги бугел.**

ЖужахӀалъул цӀаялдаса цӀунун, абадиял алжаназул нигӀматал кьун, жидеда Аллагь ﷻ разилъун ва гьев Аллагьасул ﷻ гьумералда балагьи жидее ризкъилъун гьабун.

Аллагьас ﷻ нилъееги гьабеги гьаб кӀудияб ажру, гьеб ажру нилъее щолеб гӀамал гьабизе тавпикъги гьабун.

فَلَعَلَّكَ تَارِكٌ بَعْضَ مَا يُوحَىٰ إِلَيْكَ وَضَائِقٌ
بِهِ صَدْرُكَ أَنْ يَقُولُوا لَوْلَا أُنْزِلَ عَلَيْهِ كَنْزٌ
أَوْ جَاءَ مَعَهُ مَلَكٌ إِنَّمَا أَنْتَ نَذِيرٌ وَاللَّهُ عَلَىٰ
كُلِّ شَيْءٍ وَكِيلٌ ﴿١٢﴾

12. Гьаб хадуб бугеб аят рештӀинабуна Маккаялъул мушриказ авараг ﷺ махсароде гьавун гьесда абидал: «Мун гӀемераб месед гӀарацгун щай вачӀунарев, яги мунгун цадахъ малаик щай вачӀунарев; мун авараг ватани; мун ритӀухъ гьавизе абун. Цинги Аллагьас ﷻ жиндир аварагасда ﷺ абулеб буго

**Мун ватизе бегьула, Мух1аммад ﷺ, дуда решт1инабураб Къуръаналъул цо-цо жо гьел мушриказухъе щвезе гьабич1ого толев, дуца бицараб жоялда божич1ого гьез мун махсароде гьавизе бокьич1ого, Дур рак1ги ц1акъ къварилъун буго гьел мушриказ мун гьереси гьавулев вук1ин рихун. Дуца гьелъул къварилъи гьабуге Мух1аммад ﷺ, ва дуда вах1ю гьабураб жо гьеб къавмалъухъе щвезабе. Гьел мушриказ абуниги Мух1аммадида ﷺ г1емераб хазина решт1инабураб анищ абун, яги гьевгун цадахъ малаик вач1арав ани абунги, гьеб раг1иялъул дуца к1вар гьабуге. Мун вуго гьел мушриказе жужах1алъул г1азабалдалъун х1инкъи кьолев чи.** Гьез дуда иман лъеч1они ва Аллагьасде ﷻ ширк гьабиги теч1они. **Т1адег1анав Аллагь вуго кинабго амру жинда кодоб бугев.** Лагъзадерил тадбир жинца гьабулев, гьезул г1амалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго Аллагьас ﷻ.

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ قُلْ فَأْتُوا۟ بِعَشْرِ سُوَرٍ مِّثْلِهِۦ مُفْتَرَيَٰتٍ وَٱدْعُوا۟ مَنِ ٱسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿١٣﴾

**13. Гьел мушриказ абулебищ бугеб гьеб Къуръан дуцаго ургъун ц1алулеб жо бугин абун? Дуца гьезда абе нуж рач1аха цо анц1го суратги гьабун гьаб Къуръаналда релълъараб абун.**

Нуж пасих1ал г1арабиялги руго, нужеца гьаб Къуръаналда гьереси бицун г1айибги ч1валеб буго. **Гьеб анц1го сурат гьабизе нужеего бокьарал пасих1ал, г1акъилал г1адамалги данде гьаре, цох1о Аллагь ﷻ хут1изег1ан, нужеца бицунеб жоялъулъ рит1ухъал ратани.** Гьаб Къуръан дица ургъараб жо бугин абулел нужеца, дица абураб жо гьабе. Гьел мушриказ дуе жаваб кьоларо, гьезда Къуръаналда релълъараб жо гьабизеги к1оларо.

فَإِلَّمْ يَسْتَجِيبُوا۟ لَكُمْ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّمَآ أُنزِلَ بِعِلْمِ ٱللَّهِ وَأَن لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ فَهَلْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ﴿١٤﴾

**14. Гьез дуе жаваб кьеч1еб мехалъ нужеда лъай, я гьал мушрикал! Гьаб Къуръан буго Аллагьас ﷻ вах1ю гьабун решт1инабураб,** Жабраил малаик гьоркьов ккун. **Гьев Аллагь ﷻ гурев цоги Аллагьги гьеч1о жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Гьаб муг1жизат нужее загьирлъидалго нужеца иман лъе ва Аллагьасда ﷻ мут1иг1лъун, аварагасда ﷺ нахърилълъа.**

Жидее мух1канаб х1ужа- далил ч1ч1езабураб мехалъ, муг1жизаталдалъун гьеб далил камилги гьабураб мехалъги Аллагьасда ﷻ инкар ккурал г1адамазда амру гьабун абизе бегьула нуж исламалда рач1а абун. Гьезул

цоги бицине г1илла хут1уларелъул ва к1анц1изе бак1ги бук1унарелъул.

**15. Жидер лъик1аб г1амалалдалъун ва берцинаб хьвадиялдалъунги цох1о дунялалъул ч1аголъи бокьун, гьеб т1асса бищун вугев чиясе дица гьезул г1амалазул ажро гьаб дунялалдаго т1убазабула.**

مَن كَانَ يُرِيدُ ٱلۡحَيَوٰةَ ٱلدُّنۡيَا وَزِينَتَهَا نُوَفِّ إِلَيۡهِمۡ أَعۡمَٰلَهُمۡ فِيهَا وَهُمۡ فِيهَا لَا يُبۡخَسُونَ ١٥

Гьезие сахлъи кьола, ризкъи кьола, х1инкъи гьеч1еллъун гьарула, рек1ел гъеялъе лъимал-хъизан кьола. **Ва дунялалда гьезие щибго мукъсанлъиги гьабуларо жидее мустах1икъаб ажроялдаса.**

Къатадатица абуна: дунялалъул рах1ат-лазаталъе г1оло лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазе дунялалдаго гьелда данде жазаъ гьабула ва ахираталде гьел рач1уна щибго лъик1аб г1амал гьеч1еллъун. Ахираталъе г1оло лъик1аб г1амал гьабурал муъминзабазе дунялалдаги гьабула лъик1аб жазаъ ахираталдаги гьабула.

**16. Гьел г1адамал руго жидее ахираталда жужах1алъул ц1а гуреб цоги жазаъ гьеч1ел, дунялалда гьабураб жидер кинабго г1амалги г1адада хварал, гьез гьабулеб жоги бук1ана бат1улаб, жидер ахираталъе мунпаг1ат гьеч1еб.**

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ لَيۡسَ لَهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ إِلَّا ٱلنَّارُۖ وَحَبِطَ مَا صَنَعُواْ فِيهَا وَبَٰطِلٞ مَّا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٦

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, гьев разилъи т1алаб гьабун, гьесул г1азабалдаса х1инкъун ва алжаналда хьуллъун гьабураб г1амал буго жиб г1адада холареб.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб к1иго аят бугин рияалъе г1оло, г1адамазе берцин бихьизе г1оло г1амал гьабулел бусурбабазул х1акъалъулъ бугеб. Гьезие ахираталда щибго хайир бук1унаро ва г1адамазе г1оло, гьел разилъи т1алаб гьабун г1амал гьаби ширк бугелъул гьел жужах1алдаги унин абун. Жидеда Аллагь разилъаял Анас асх1абас ва Х1асаница абуна: гьаб к1иго аят насраниязул ва ягьудиязул х1акъалъулъ решт1инабураб бугин абун.

**17. Жидер Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб х1акъаб т1орит1елалда нахърилълъарал, жидее баянаб х1ужаги бугел, жидер нухги Къуръаналъул нуралъ гвангъизе гьабурал, хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ ва гьесда иман лъурал муъминзаби релълъунищ ругел жидее дунялалъул ч1аголъи бокьарал, Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ ахиратги лъаларел**

أَفَمَن كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٖ مِّن رَّبِّهِۦ وَيَتۡلُوهُ شَاهِدٞ مِّنۡهُ وَمِن قَبۡلِهِۦ كِتَٰبُ مُوسَىٰٓ إِمَامٗا وَرَحۡمَةًۚ أُوْلَٰٓئِكَ يُؤۡمِنُونَ بِهِۦۚ وَمَن يَكۡفُرۡ بِهِۦ مِنَ ٱلۡأَحۡزَابِ فَٱلنَّارُ مَوۡعِدُهُۥۚ فَلَا تَكُ فِي مِرۡيَةٖ مِّنۡهُۚ إِنَّهُ ٱلۡحَقُّ مِن رَّبِّكَ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يُؤۡمِنُونَ ١٧

**г1адамазда.**

Гьеч1о гьал к1иялго г1адамал цоцада релълъун ва гьазда гьоркьоб ц1акъ к1удияб бат1алъи буго. **Гьев авараг** ﷺ **рит1ухъав вук1иналъе нуг1лъи гьабун, гьесухъе Къуръан босун Жабраил малаикги хьвадула. Гьалдаса цебеги Муса аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **решт1инабураб Таврат буго жинда нахърилълъаразе имамлъун бук1араб ва гьеб решт1араб къавмалъе рах1матлъунги бук1араб. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жал т1орит1арал, жидер нухги нур бараблъун бугел г1адамал руго гьеб Къуръаналда иман лъолел. Гьелда инкар ккун ч1арал къокъаби жидер руссунеб бак1 жужах1 бугел руго. Мун щаклъуневлъул вук1унге гьаб Къуръанги, гьелъул х1укмоги х1акъаб бук1иналда. Аллагьасул рахъалъан** جَلَّ جَلَالُهُ **бугеб х1акъаб калам буго гьаб Къуръан. Гьаб амро гьадин бугониги г1емерисел г1адамал гьелда иман лъоларел руго.**

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا ۚ
أُو۟لَـٰٓئِكَ يُعْرَضُونَ عَلَىٰ رَبِّهِمْ وَيَقُولُ
ٱلْأَشْهَـٰدُ هَـٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ كَذَبُوا۟ عَلَىٰ رَبِّهِمْ ۚ
أَلَا لَعْنَةُ ٱللَّهِ عَلَى ٱلظَّـٰلِمِينَ ﴿١٨﴾

**18. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **г1унт1изабун гьереси бицунел г1адамаздаса жидер зулму к1удиял щалха рук1инел. Гьесул г1ахьалчи вугин, гьесул вас вугин абун. Гьел г1адамал къиямасеб къоялъ ч1езаризе руго жидер Бет1ергьан Аллагьасда цере ва гьезие халкъалъги малаикзабацаги нуг1лъи гьабизе буго: гьал ругин жидеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьереси гьавулел рук1арал, гьесда иман лъеч1ого, гьесде ширк гьабун рук1арал г1адамал абун.**

**Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **лаг1нат кьола,** (жиндир ц1об рах1маталдаса рик1к1ад гьарула) **гьадинал зулмучаг1и.**

ٱلَّذِينَ يَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَيَبْغُونَهَا
عِوَجًا وَهُم بِٱلْـَٔاخِرَةِ هُمْ كَـٰفِرُونَ ﴿١٩﴾

**19. Жидеца г1адамал нахъч1валел рук1арал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналдаса ва гьересияб, гьет1араб нух т1алаб гьабун хьвадулел рук1арал. Гьал руго жидеца ахираталда инкар ккун рук1арал г1адамал.**

Т1аде рахъинариги бук1унарин, х1исаб-мизанги бук1ине гьеч1ин, алжан-жужах1ги гьереси бугин абун жидеца абулел рук1арал г1адамал.

أُو۟لَـٰٓئِكَ لَمْ يَكُونُوا۟ مُعْجِزِينَ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا
كَانَ لَهُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِنْ أَوْلِيَآءَ ۘ يُضَـٰعَفُ لَهُمُ
ٱلْعَذَابُ ۚ مَا كَانُوا۟ يَسْتَطِيعُونَ ٱلسَّمْعَ
وَمَا كَانُوا۟ يُبْصِرُونَ ﴿٢٠﴾

**20. Гьал г1адамал дунялалъул рукъор ругеб мехалъги жидеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **г1ажиз гьавурал гьеч1о жидее г1азаб гьабиялдаса.** Гьел Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб гьабич1ого тана жиндирго х1икматалдалъун. **Гьанже Аллагьас**

**جَلَّجَلَالُهُ г1азаб гьабулеб мехалъ гьездаса гьеб нахъч1вазе к1олел вализабиги гьеч1о гьезие Аллагьтун цогидал.**
Хъанчал рук1аниги, г1адамал рук1аниги, дунялалда ругеб мехалъ жидеца абулел рук1арал гьез нижее Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аск1об шапаг1ат гьабизе бугин абун.

**Гьезие г1азаб жегиги ц1ик1изабула,** гьел вализабиги хъанчалги Аллагьзабилъун ккун жал хьвадун рук1ин сабаблъун. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее кьураб жораг1и гьез х1акъаб жо раг1иялъе х1алт1изабич1о, ва жидее кьураб жо бихьиги гьез Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1икматал ва далилал рихьиялъе х1алт1изабич1о.** Иман лъун х1акъаб нухда хьвадизе жал ах1улел, жиделъ жо раг1и, бихьи, бич1ч1и бугел лугби гьез жидее мунпаг1аталъе х1алт1изарич1о.

**21. Гьел г1адамал руго дунялалда гьабураб г1амал г1адада хварал, гьезул напсалги ахираталъе ч1орого хут1арал ва жидеца бицулеб бук1араб гьересиги, гьабулеб бук1араб ширкги гьездаса рик1к1алъарал.** Гьелъ жидее щибго мунпаг1ат гьабуларел.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ وَضَلَّ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يَفۡتَرُونَ ٢١

**22. Щибго щаклъи гьеч1ого гьел г1адамал ахираталда ч1орого хут1арал руго.**
Паналъулеб дунял т1аса бищун абадияб ахират к1очон теялдалъун, алжанги бичун жужах1алъул ц1а босиялдалъунги.

لَا جَرَمَ أَنَّهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ هُمُ ٱلۡأَخۡسَرُونَ ٢٢

**23. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда ва ахираталда иманги лъун, лъик1аб г1амалги гьабун хьвадарал г1адамал, жидер киналго ишазулъ цох1о Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ руссунги рук1унел. Гьал г1адамал руго алжаназул бет1ергьаби. Даимго рук1инелъун лъугьинарула муъминзаби алжаназда жанире.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَأَخۡبَتُوٓاْ إِلَىٰ رَبِّهِمۡ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَنَّةِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٣

**24. Жидеца иман лъурал г1адамазул ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал г1адамазулги мисал буго: жинда щибго жо бихьуларев ва щибго жо раг1уларев чиясулги, ва жинда бихьулев ва раг1улев чиясулги мисал. Гьал к1иялго г1адамал ращад ругишха мисал бачиналъул рахъалъан?** Гьеч1о гьел к1иялго цоцада

۞مَثَلُ ٱلۡفَرِيقَيۡنِ كَٱلۡأَعۡمَىٰ وَٱلۡأَصَمِّ وَٱلۡبَصِيرِ وَٱلسَّمِيعِۚ هَلۡ يَسۡتَوِيَانِ مَثَلًاۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ٢٤

бащадал. **Гъаб мисалалъул ва цогидаб ваг1за-насих1аталъул пикру гьабуларищ гьел капурал г1адамаз, гьелдаса г1акълоги щоларищ гьезие?**

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِۦٓ إِنِّي لَكُمْ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ٢٥

**25. Дица Нух1 аварагги** عَلَيْهِ السَّلَام **вит1ана жиндир къавмалда.** Гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат бац1ад гьабиялда ах1изе. **Нух1 аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **къавмалда абуна: «Дун вуго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан нужее баянаб ва х1акъаб х1инкъи кьолев чи.**

Нужеца тавбо гьабун нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссинч1они нужеда гьесул г1азаб щвезе бугин абун.

أَن لَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّا ٱللَّهَ ۖ إِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ أَلِيمٍ ٢٦

**26. Дица нужеда лъазабулебги буго нужеца цох1о Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гурони г1ибадат гьабуге абун. Дун х1инкъун вуго нуж Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **ширк гьабулелги рук1ун нужеда цо къоялъ ц1акъ унтизе гьабулеб г1азаб щвелилан»-абун.**

فَقَالَ ٱلْمَلَأُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦ مَا نَرَىٰكَ إِلَّا بَشَرًا مِّثْلَنَا وَمَا نَرَىٰكَ ٱتَّبَعَكَ إِلَّا ٱلَّذِينَ هُمْ أَرَاذِلُنَا بَادِىَ ٱلرَّأْىِ وَمَا نَرَىٰ لَكُمْ عَلَيْنَا مِن فَضْلٍۭ بَلْ نَظُنُّكُمْ كَٰذِبِينَ ٢٧

**27. Нух1 аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَام **къавмалъул Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал церехъабаца абуна: «Нижеда мун вихьулев вуго нижедаго релъарав инсанлъун. Дуда нахърилълъунги рихьулел руго нижеда гьоркьоса бищунго г1одорег1анал г1адамал. Гьелги щибго ургъич1ого, пикру гьабич1ого руго дуда нахърилълъун. Гьединлъидал нижедаса т1ок1аб нужее бугеб хиралъи, т1ок1лъиги бихьулеб гьеч1о. Нижеда рак1алде кколеб буго нуж х1атта гьереси бицунел г1адамал ратилин»- абун.**

А-ттасгьил абураб тафсиралда абуна: капурал г1адамаз гьадин абиялъе г1илла буго, гьезда рак1алда кколеб бук1ин дунялалда гьез бечедал, ч1ух1арал г1адамал, ханзаби, х1акимзаби рик1к1унелъул къадро бугел, лъик1ал, т1ок1ал чаг1илъун. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1обги гьединаб бугин г1адамазе къимат кьей абун.

Ва амма Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об щибго къадро гьеч1о гьесие щукру гьабулареб маг1ишаталъул, гьесие сужда гьабуларел г1адамазулги. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарав муъминчи вуго гьесда аск1ов жиндир къадро бугев. Масала: мискинав, пакъирав вугин абунги инсан

Аллагьасде جل جلاله г1агарлъуларо жиндие кьураб ниг1маталда щукру гьабизеги лъач1она, жинда бач1араб къварилъи Аллагьасдаса جل جلاله бук1ин лъан, гьелда разилъун сабру гьабун ч1ч1олев гьеч1они. Цинги гьав вук1уна дунялалдаги ахираталдаги ч1обого хут1арав хъарк1асчилъун.

قال يقوم أرءيتم إن كنت على بينة من ربي
وءاتىني رحمة من عنده فعميت عليكم
أنلزمكموها وأنتم لها كرهون ٢٨

**28.** Нух1 аварагас عليه السلام жиндир къавм иманалда ах1иялъулъ ц1акъ сабро гьабулеб буго, ва х1еренго насих1ат гьабун, абулеб буго. **Я дир къавм! Нужеца пикру гьабеха ва дида бице, дун Аллагьасул جل جلاله рахъалъан бит1араб нухда вугони ва дунгун цадахъ х1акъал х1ужабиги ругони, гьев Аллагьас جل جلاله жиндир рахъалъан рах1матлъун дие авараглъиги кьун бугони, цинги гьаб кинабго жо нужеда бихьулеб гьеч1они,**
нужеда бич1улебги гьеч1они, нужер рек1елъ иманалъул нур решт1ун гьеч1ого, **дида кинха к1олеб х1ал гьабун нужеда иман лъезабизе ва нуж дида нахърилълъинаризе?** Гьеб жо дица гьабуларо. Х1ал гьабун иман лъезаби гьеч1о дида т1адаб жо, дун вуго нуж х1ужа далилалдалъун Аллагь جل جلاله цо гьавиялда ах1улев гьесул расул.

ويقوم لا أسئلكم عليه مالا إن أجري إلا
على الله وما أنا بطارد الذين ءامنوا إنهم
ملقوا ربهم ولكني أرىكم قوما تجهلون ٢٩

**29. Я дир къавм! Дица нужедаса боц1и-мал т1алаб гьабулеб гьеч1огурищ нужехъе Аллагьасул جل جلاله рисалат щвезабуралъухъ. Дие ажро ва ужра кьолевги дир Бет1ергьан Аллагь вуго.**
Ва дица цоги чиясдаса гьеб т1алаб гьабуларо. **Аллагьасда جل جلاله иман лъун дида нахърилълъарал муъминзаби рик1к1ад гьарулев чиги гьеч1о дун.**
Мискинал, заг1ипал руго абун гьел муъминзаби дица нахъч1валаро. **Гьел руго жидер Бет1ергьан Аллагьасда данделъизе ругел г1адамал.** Гьесда г1агар гьарун рук1унел, гьев жинда разилъулел. Гьадинал г1адамал кин дица рик1к1ад гьарилел нужер хабаралда рекъон. **Дида нуж рихьулел руго х1акъикъияб жо лъаларел г1адамаллъун.** Нуж руго нужерго г1акълоялда нахърилълъун ругел.

ويقوم من ينصرني من الله إن طردتهم
أفلا تذكرون ٣٠

**30. Я дир къавм! Нужеца пикро гьабе: щив чи вугев дие квербакъизе к1олев ва дидаса Аллагьасул جل جلاله г1азаб нахъч1вазе к1олев дица гьел муъминзаби рик1к1адги гьарун дида Аллагьасул جل جلاله ццим**

**бахъараб мехалъ: гьаб жоялъул пикро кин нужеца гьабулареб ва гьелъул ваг1за щай нужей лъугьунареб?**

وَلَآ أَقُولُ لَكُمْ عِندِى خَزَآئِنُ ٱللَّهِ وَلَآ
أَعْلَمُ ٱلْغَيْبَ وَلَآ أَقُولُ إِنِّى مَلَكٌ وَلَآ أَقُولُ
لِلَّذِينَ تَزْدَرِىٓ أَعْيُنُكُمْ لَن يُؤْتِيَهُمُ ٱللَّهُ خَيْرًا
ٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا فِىٓ أَنفُسِهِمْ إِنِّىٓ إِذًا لَّمِنَ
ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٣١﴾

**31. Дица нужеда абуларо дида аск1ор ругин Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хазинаби, яги дида балъгояб жо лъалинги абуларо. Дица абуларо дун малаик вуго абун. Гьединго дица абуларо гьел нужее ц1акъ берзукълъун рихьун ругел муъминзаби Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее бит1араб нух бихьизабич1ел, лъик1аб г1амал гьабизе жидее тавпикъ гьабич1ел г1адамал ругин абун. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лъалев вуго гьел муъминзабазул рек1елъ бугеб иман. Дица гьел муъминзаби Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **т1орит1арал гьеч1о абуни дун вук1уна дица напсалъе зулму гьабурав, г1адамазе х1акъаб гуреб сипат гьабун, гьезие зулму гьабуравги.**

قَالُوا۟ يَٰنُوحُ قَدْ جَٰدَلْتَنَا فَأَكْثَرْتَ جِدَٰلَنَا فَأْتِنَا
بِمَا تَعِدُنَآ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٣٢﴾

**32. Нух1 аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **къавмалъ абуна: «Я Нух1, мун нижгун къацандана ва дуца г1емераб хабарги бицана.** Нижее гьеб дур хабар ч1алг1ун буго. **Мун вач1а дуца нижее къот1и гьабулеб ва дуца ниж жиндаса х1инкъизарулеб г1азабги бачун, мун бит1араб бицунев ватани, мун авараг вуго абураб раг1иялъулъ» – абун.**

قَالَ إِنَّمَا يَأْتِيكُم بِهِ ٱللَّهُ إِن شَآءَ وَمَآ أَنتُم
بِمُعْجِزِينَ ﴿٣٣﴾

**33. Нух1 аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Х1акълъунго гьеб г1азабги бачун Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вач1изе вуго нужеда, гьесие бокьани нужее г1азаб гьабизе.** Нужеца т1алаб гьабунин абун яги дица т1алаб гьабунин бач1унаро Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб. **Цинги нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **popч1изе гьеч1о, нужее г1азаб гьабиялдаса Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **нахъч1вазеги к1оларо нужеда.**

وَلَا يَنفَعُكُمْ نُصْحِىٓ إِنْ أَرَدتُّ أَنْ أَنصَحَ
لَكُمْ إِن كَانَ ٱللَّهُ يُرِيدُ أَن يُغْوِيَكُمْ
هُوَ رَبُّكُمْ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٣٤﴾

**34. Киг1анго дие бокьун бугониги нужее насих1ат гьабизе ва нуж дида нахърилъине, нужее дир насих1аталъ щибго мунпаг1ат гьабуларо, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж къосиналдаго тезе бокьун батани.** Жиндир азалияб лъаялдалъун нуж иман лъоларел рук1ин лъан. **Гьев Аллагь вуго нужер Бет1ергьан ва гьесда буго ахираталда**

**нужер руссинги.**

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ إِنِ ٱفْتَرَيْتُهُۥ فَعَلَىَّ
إِجْرَامِى وَأَنَا۠ بَرِىٓءٌ مِّمَّا تُجْرِمُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Къурайшиязул капурал г1адамаз абулебищ бугеб гьаб Нух1 аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къисса Мух1амадица ургъараб жо бугин абун? Дуца гьезда абе: «Гьеб дица ургъун бицунеб жо батани дие бук1ила гьелъул мунагь ва г1азаб.** Нужее гьелдалъун щибго къварилъи бик1ине гьеч1о. **Дунги вац1ц1адав вуго нужеца гьабулеб купру-ширкалдаса»-абун.** Гьелъул г1азаб ва къварилъи нужеего бук1ине буго.

وَأُوحِىَ إِلَىٰ نُوحٍ أَنَّهُۥ لَن يُؤْمِنَ مِن قَوْمِكَ إِلَّا مَن
قَدْ ءَامَنَ فَلَا تَبْتَئِسْ بِمَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ﴿٣٦﴾

**36. Нух1 аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан вах1ю гьабуна дуда иман лъезе гьеч1ин, цебего жидеца иман лъурал дагьалго г1адамаз гурони. Дур рак1 къварилъуге ва мун пашман гьавуге гьеб дур къавмалъ гьабулеб квешаб г1амалалъ.**
Дида инкар кквей ва мун гьереси гьави. Дица гьезие жазаъ гьабизе буго гьезул г1амалалда релълъараб.

وَٱصْنَعِ ٱلْفُلْكَ بِأَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا وَلَا تُخَـٰطِبْنِى
فِى ٱلَّذِينَ ظَلَمُوٓا۟ ۚ إِنَّهُم مُّغْرَقُونَ ﴿٣٧﴾

**37. Дуца гама гьабе дир балагьиялда ва дир квербакъиялда гьоркь вук1ун, дица дуда вах1ю гьабун лъазабураб х1алалъ. Купру-ширкалда ч1ун жидеца зулму гьабурал г1адамазул х1акъалъулъ дида хит1абги гьабуге.** Гьезие шапаг1ат гьаруге ва гьезда рак1 гурх1ун к1алъаге. **Х1акълъунго Дица гьезие г1азаб гьабизе буго ва гьел лъималдалъун гъанкъизаризе руго.**

وَيَصْنَعُ ٱلْفُلْكَ وَكُلَّمَا مَرَّ عَلَيْهِ مَلَأٌ مِّن
قَوْمِهِۦ سَخِرُوا۟ مِنْهُ ۚ قَالَ إِن تَسْخَرُوا۟ مِنَّا فَإِنَّا
نَسْخَرُ مِنكُمْ كَمَا تَسْخَرُونَ ﴿٣٨﴾

**38. Нух1 авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вук1ана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда вах1ю гьабураб х1алалъ гама гьабулев. Гьесда аск1оре щун шинахъе гьев махсароде гьавулеллъун гьесул къавмалъул церехъабиги рук1ана.**
Гьез абулеб бук1ана: мун сон нижеда к1алъалев вук1ана мун авараг вугин абун. Жакъа дур ц1улал устар вахъун вуго гурищ?-абун. Цогиги гьез абулаан, гьав г1абдаласда балагье: лъимго гьеч1еб бак1алда гама гьабулев вугин абун. **Нух1 аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Жакъа нуж ниж махсароде гьарулеллъун ва нижеда т1ад релъанхъулел ругониги, хадур ниж релъанхъизе руго нужеда т1ад, жакъа нуж нижеда т1ад**

**релъанхъарал г1адин»- абун.**

فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ مَن يَأْتِيهِ عَذَابٌ يُخْزِيهِ
وَيَحِلُّ عَلَيْهِ عَذَابٌ مُّقِيمٌ ٣٩

**39. Нужеда нахъа лъазе буго лъидедай бач1уна абун жив г1одовег1ан гьавулеб г1азаб ва абадиябго г1азабги лъидадай решт1унеб абун.**

Дунялалул г1азаб щун гьелъ г1одорег1ан гьарила нуж, ахираталда абадияб жужах1алъул г1азабги буго нужеда т1адго бук1ине бугеб.

حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَ أَمْرُنَا وَفَارَ ٱلتَّنُّورُ قُلْنَا ٱحْمِلْ
فِيهَا مِن كُلٍّ زَوْجَيْنِ ٱثْنَيْنِ وَأَهْلَكَ إِلَّا
مَن سَبَقَ عَلَيْهِ ٱلْقَوْلُ وَمَنْ ءَامَنَ ۚ وَمَآ ءَامَنَ
مَعَهُۥٓ إِلَّا قَلِيلٌ ٤٠

**40. Нух1ил къавм гьалаг гьабизе дир амру бач1араб мехалъ ва гьезул ц1а бакулеб гъаситоялдаса къват1ибе лъимги ч1ваххараб мехалъ.** Г1алимзабаца абуна: гьаб гъаситоялдаса къват1ибе лъим бакки бук1ана Нух1 аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ г1аламат Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1упаналдалъун гьеб къавм гьалаг гьабизе бай бихьиялъе.

Мунтахаб абулеб тафсиралда абуна: гьалделеб, полоп бан гьалаглъун бач1унеб лъим ракьалдаса къват1иб баккараб мехалъ абун. Цогиги маг1на гьабуна: ракьалда т1ад лъел иццал раккараб мехалъ, гьеб лъим ц1а бакулеб гъаситоялдаса къват1ибги баккараб мехалъ абун.

**Дица Нух1 аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Дуца гьеб гамаялда т1ад рек1инабе щибаб рух1 ч1аголъиялдаса цо бихьинаб цо ц1уяб к1иго жо. Дур агьло-хъизанги рек1инабе гамида, жив капурав вук1ин лъалев «Канг1ан» абулев васги гьесул «Ваг1илат» абулей ч1ужуги рек1инаруге. Цогидал Аллагьасда иман лъун дуда нахърилълъарал муъминзабиги рек1инаре гьеб гамида»-абун.** Г1емераб заманаялъ жинца гьеб къавм иман лъеялда ах1араб мехалъги **ц1акъго дагьал г1адамаз гурони иман лъун бук1инч1о Нух1 аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **.** Ич1нусиялда к1икъоялда анц1го соналъ Нух1 аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ах1араб мехалъ иман лъурал г1адамазул къадар нусго чиясда бахун бук1инч1о. Г1алимзабазул хилап буго: анц1го чи вук1ана, лъабкъоялда анц1ила к1иго чи вук1ана, ункъого чи вук1ана абун.

۞ وَقَالَ ٱرْكَبُوا۟ فِيهَا بِسْمِ ٱللَّهِ مَجْر۪ىٰهَا
وَمُرْسَىٰهَآ ۚ إِنَّ رَبِّى لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ٤١

**41. Нух1 аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Нуж гьаб гамида т1ад рек1а Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1арги бахъун. Аллагьасул ц1аралдалъун хьвадизе буго гьаб гама лъималда т1ад ва гьесул ц1аралдалъун ч1езе буго жиб ч1араб**

**бак1алдаги»-абун. Х1акълъунго дир Бет1ергьан Аллагь жидеца мунагьазда рак1 бух1ун тавбо гьабуразул тавбо къабул гьабулев вуго ва муъминзабазда жив гурх1улевги вуго.**

Цинги Бет1ергьан Аллагьас зодисан ц1ад чвахизабуна, нахъаса къот1иго гьеч1еб х1алалъ, ракьалдаса г1орал лъаралги ч1вахизаруна, кинабго ракьул гьумер лъималъ бахчун гама лъеда т1ад босизег1ан. Гамида т1ад рек1арал г1адамал ва рух1ч1аголъаби хут1изег1ан цогидаб жоги лъималда жаниб ккун гъанкъана.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишатидаса бицараб х1адисалда буго: *«Аллагь* ﷻ *капурзабазда гурх1улев вук1аравани гьеб къоялъ гьит1инаб лъимералъул эбелалда гурх1изе вук1ана»*-абун. Имам Загьабияс гьаб х1адис заг1ип гьабуна.

Гьеб лъимерги кодоб ккун лъималдаса лъутун, борхатаб бак1 ц1ехон ёртанхъилей йик1ана гьей. Ахирги гьей гъанкъизе лъугьиндал, к1иябго квер эхеде бит1ун лъимер бет1ералда т1аде борхана.

Жиндир гурх1ел, ц1об, рах1моялъе г1орхъи гьеч1ев, жиндир сабро гучав вуго Бет1ергьан Аллагь. Киниги цо амру т1убазабизе х1укму гьабураб мехалъ, гьеб амруялъе щибго нахъбахъи ва хисизаби бук1уларо.

**42. Цинги гьеб гама лъималда т1ад хьвадулеб бук1ана ва гьеб лъималъул карачелалги муг1рул г1адин к1одолъун рихьулел рук1ана.**

وَهِيَ تَجۡرِي بِهِمۡ فِي مَوۡجٖ كَٱلۡجِبَالِ وَنَادَىٰ
نُوحٌ ٱبۡنَهُۥ وَكَانَ فِي مَعۡزِلٖ يَٰبُنَيَّ ٱرۡكَب مَّعَنَا
وَلَا تَكُن مَّعَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٤٢

Аллагьас ﷻ ц1унун, гьес хьвадизабулеб бук1ана гама, гуребани гьеб ц1унизе к1олеб щибго жо бук1инароан ва гьел карачелаз жибги бегизабилаан. **Цинги Нух1 авараг** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир васасда ах1дана:** гьев Канг1ан гамида рек1унездаги валагьун довег1ан къан ч1ун вук1ана: **Я дир вас! Мунги рек1а нижгун цадахъ гьаб гамида.** Дуца Аллагьасда ﷻ иман лъе. **Ва мун гьеб капураб къавмгун цадахъ ч1оге»-абун.** Гьелгун цадахъ мунги гъанкъизавула Аллагьас-абун.

**43. Канг1аница абуна: «Дун маг1арде т1аде вахине вуго ва гьеб мег1ералъ ц1унизе вуго дун гьеб лъималъ гъанкъиялдаса»-абун.**

قَالَ سَـَٔاوِيٓ إِلَىٰ جَبَلٖ يَعۡصِمُنِي مِنَ ٱلۡمَآءِۚ
قَالَ لَا عَاصِمَ ٱلۡيَوۡمَ مِنۡ أَمۡرِ ٱللَّهِ إِلَّا مَن رَّحِمَۚ
وَحَالَ بَيۡنَهُمَا ٱلۡمَوۡجُ فَكَانَ مِنَ ٱلۡمُغۡرَقِينَ ٤٣

Аллагьасул азалияб х1укмуялдаго жив къосаравлъун вугев, жинца иман лъоларевлъун вук1арав Канг1анида инсул гурх1елалъул гьаракь раг1ич1о ва жинда сверухъ лъугьунеб

жоялъул пикру гьабич1о.

**Нух1ица абуна: «Жакъа гьаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялдаса хвасарлъулев чи вук1ине гьеч1о, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда гурх1ун гьес хвасар гьавурав чи гурони»-абун. Цинги Нух1 аварагасдаги عَلَيْهِ السَّلَامُ гьесул васасдаги гьоркьор лъималъул карачелал лъугьана ва гьев васги жал гъанкъарал г1адамалгун цадахъ хут1ана.**

Г1алимзабаца абуна: К1икъого сордокъоялъ ч1еч1ого чвахана зодисан лъим. Киналго муг1рулги лъималда гъокь ккана. Гьаб х1алалъ нусго къо яги жегиги ц1ик1ун заман ана.

وَقِيلَ يَٰٓأَرۡضُ ٱبۡلَعِي مَآءَكِ وَيَٰسَمَآءُ أَقۡلِعِي وَغِيضَ ٱلۡمَآءُ وَقُضِيَ ٱلۡأَمۡرُ وَٱسۡتَوَتۡ عَلَى ٱلۡجُودِيِّۖ وَقِيلَ بُعۡدٗا لِّلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٤٤﴾

**44. Цинги Бет1ергьан Аллагьас ракьалда амру гьабуна дуца дур гьумералда т1ад бугеб лъим дур чохьониб буссинабеян абун.**

Ракь бихъ-бихъун гьеб лъимги г1одоб ун ракьалдаса т1аг1ана. **Зобалдаги амру гьабуна Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **ц1ц1ад бач1ого ч1а абун. Ракьалдаса лъимги т1аг1ана ва Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруги т1убана.** Гамида т1ад рек1ун рук1арал г1адамал гъанкъиялдаса хвасарлъана ва цогидаб кинабго жо гъанкъун т1аг1ана.

**Гьеб гамаги Жуди абулеб мег1ералда т1ад ч1ч1ана.** Мавсал абулеб бак1алда аск1об буго гьеб мег1ер. Цоги г1алимзабаз абуна: Т1ур мег1ералда ч1ч1ана абун. Хадусел умматазе ваг1залъун г1емераб мехалъ гьеб гамил хут1елалги рук1ана маг1арда т1ад. Берда бихьулеб бак1алдацин лъимги гьеч1еб борхатаб маг1арда т1ад ч1ун бугеб гама бихьарав чиясе пикру гьабизе рес бук1ана гьеб Аллагьасул х1ал к1олъиялъул г1аламат бук1иналда.

**Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан купру-ширкалдалъун жидеца зулму гьабун рук1арал г1адамаздаги абуна: «Нуж Аллагьасул рах1маталдаса рик1к1ад гьарурал руго»-абун.** Дунялалда т1упан т1ун гъанкъизари гуребги, ахираталда абадияб жужах1алъул г1азабги бук1ине буго нужее абун.

وَنَادَىٰ نُوحٞ رَّبَّهُۥ فَقَالَ رَبِّ إِنَّ ٱبۡنِي مِنۡ أَهۡلِي وَإِنَّ وَعۡدَكَ ٱلۡحَقُّ وَأَنتَ أَحۡكَمُ ٱلۡحَٰكِمِينَ ﴿٤٥﴾

45. Гьанжеги Нух1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир вас Канг1ан рак1алда щвана. **Ва гьев жиндир Бет1ергьанасда дуг1а гьабун ах1ана, ва жинцаги абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь! Хъакълъунго гьев васги дир агьлуялдаса вуго. Дуца дие гьабураб къот1иги х1акъаб къот1и буго:** «Мунги дур агьлоги гъанкъиялдаса хвасар гьарила» абураб, яги ахираталъул г1азабалдаса хвасар гьарила

абураб. **Ва мунги ц1акъ г1адло бит1арав х1аким вуго»-абун.**

قَالَ يَٰنُوحُ إِنَّهُۥ لَيْسَ مِنْ أَهْلِكَ ۖ إِنَّهُۥ عَمَلٌ غَيْرُ
صَٰلِحٍ ۖ فَلَا تَسْـَٔلْنِ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِۦ عِلْمٌ ۖ إِنِّىٓ
أَعِظُكَ أَن تَكُونَ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьесие жаваб гьабуна: «Я Нух1 гьев вас дур агьлуялдаса гьеч1о.** Иман лъеч1ев чи муъминчиясул агьлуялдаса вук1уларо ва гьел ахираталда цо бак1алда руссунаро. Дица дуе къот1и гьабун бук1ана дур агьлуялъул иман лъурал г1адамал хвасар гьаризе. Гьеб дир къот1иги дица т1убазабуна. **Гьев васас гьабураб г1амалги квешаб г1амал буго.** Иман лъеч1ого ч1ейи ц1акъ квешаб г1амал гьеч1ишха? **Дуца дида гьаруге дуда жиндир х1акъикъат лъалареб жо. Дица мун кант1изавулев вуго ва дуе насих1ат гьабулеб буго мун цогидал жагьилал г1адамазда релълъун вук1унгут1изе»-абун.**

Гьев Канг1анил х1акъалъулъ тафсир гьабулел г1алимазабаца г1емер бат1ияб хабар бицун буго, гьесул квешаб г1амал щиб бук1араб абураб бак1алда. Цоги маг1на гьабуна: «Гьев Канг1ан хвасар гьаве абун гьари буго лъик1аб гьеч1еб г1амал» абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Т1адег1анав Аллагьас гьев вас дур агьлуялдаса гьеч1о»- абураб раг1иялъул маг1на буго гьев мумъинчи гьеч1о абураб. Цониги аварагасул ч1ужу зина гьабурай йик1инч1о. Цо-цо г1алимзабаз абураб раг1и, гьев Канг1ан Нух1ил вас вук1инч1о, гьев цоги чиясе гьавурав, Нух1ица хьихьарав вук1анаян абун, гьаб раг1и бит1араб гьеч1о.

Гьаб мекъаб пикруялда цо-цо г1алимзаби ине гьаруураб раг1и буго сурату Тах1рималда: «Нух1илги Лут1илги ч1ужуялъ гьев к1иясего хиянат гьабуна» – абураб раг1и. Гьаб хиянаталъул маг1на буго гьей к1ияйго ч1ужуялъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеч1о, жал аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ руччаби рук1аниги абураб. Лут1ил ч1ужуялъул хиянат бук1ана жидехъе гьалбал рач1араб мехалъ гьеб хабар квешаб къавмалда бицин. Нух1ил ч1ужуялъул хиянат бук1ана дир рос г1адаллъун вуго аби ва цониги чияс Нух1ида иман лъураб мехалъ гьеб хабар квешаб къавмалда бици.

Т1адег1анав Аллагьас халкъалда дин малъизе рит1арал аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ва гьезул хъизан-лъимал г1адамазда гьоркьор къабих1аблъун рик1унеб г1амал гьабулел рук1ана абураб пикру инсанасулъ бижиго гьев инсан диналъул к1вар гьабуларев вук1иналъе г1аламат буго. Инсан муъминав вук1ин яги капурав вук1ин жиндир рек1ел ч1еялда бараб жо бугелъул, гьеб г1адамазда гьоркьоб къабих1аб ишлъун рик1унаро.

Жиндир напсалъул къадроялда хурхараб зина г1адаб, ц1огь г1адаб жо къабих1аблъун рик1к1уна ва гьелдалъун инсанасул къадроги хола.

قَالَ رَبِّ إِنِّيٓ أَعُوذُ بِكَ أَنۡ أَسۡـَٔلَكَ مَا لَيۡسَ لِي
بِهِۦ عِلۡمٞۖ وَإِلَّا تَغۡفِرۡ لِي وَتَرۡحَمۡنِيٓ أَكُن مِّنَ
ٱلۡخَٰسِرِينَ ٤٧

**47. Нух1 аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Я дир Бет1ергьан! Х1акълъунго Дица дудалъун ц1уни гьарулеб буго дица дуда гьариялдаса дида жиндир х1акъикъат лъалареб жо. Дуца дир мунагьал чуривч1они ва мун дидаги гурх1ич1они дун вук1уна, Бет1ергьан, ц1акъ ахираталъе ч1орого хут1арал г1адамаздаса»-абун.**

قِيلَ يَٰنُوحُ ٱهۡبِطۡ بِسَلَٰمٖ مِّنَّا وَبَرَكَٰتٍ
عَلَيۡكَ وَعَلَىٰٓ أُمَمٖ مِّمَّن مَّعَكَۚ وَأُمَمٞ
سَنُمَتِّعُهُمۡ ثُمَّ يَمَسُّهُم مِّنَّا عَذَابٌ أَلِيمٞ ٤٨

**48. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан Нух1 аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **амру гьабуна: мун ракьалда решт1а дир рахъалъан дуе божи ва сахлъи бугевлъун. Дуда ва мунгун цадахъ ругел муъминзабазда дир баракатги бук1ун.** Гьел муъминзабазул иман лъураб зурриялдаги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ салам ва баракат буго ахир къиямасеб къоялда щвезег1ан. **Дур умматаздаса цо къавм бук1ина дица жидее дунялалъул рукъоб боц1и-мал кьун хьихьун рук1унел, ахираталда жидеда жинца унтизе гьабулеб г1азабги щолел.** Гьел руго Нух1ил зурриялъул киналго капурал г1адамал.

تِلۡكَ مِنۡ أَنۢبَآءِ ٱلۡغَيۡبِ نُوحِيهَآ إِلَيۡكَۖ مَا
كُنتَ تَعۡلَمُهَآ أَنتَ وَلَا قَوۡمُكَ مِن قَبۡلِ
هَٰذَاۖ فَٱصۡبِرۡۖ إِنَّ ٱلۡعَٰقِبَةَ لِلۡمُتَّقِينَ ٤٩

**49. Гьал гьаибал** (ццебе заманаялъул) **харбал руго Мух1аммад, дица дуда вах1ю гьарун рицунел. Мунги ва дур къавмги рук1инч1о нужеда гьал хабарал лъалелллъун, дица нужее гьел баян гьарилелде ццерехун. Маккаялъул мушриказдаса дуде щолеб къварилъиялда дуца сабро гьабе ва исламияб диналда халкъ ах1е кинабго х1алалалъулъ. Х1акълъунго жиб беццараб, лъик1аб ахир бук1уна Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **х1инкъун, гьесие мут1иг1лъун хьвадулел г1адамазул.**

Жинда Аллагьасул салам лъеяв Нух1 аварагасул къиссаялъулъ дуе мисал буго къварилъиялда сабро гьабиялъул ва диналда халкъ ах1иялда т1ад ч1еялъулги.

وَإِلَىٰ عَادٍ أَخَاهُمۡ هُودٗاۚ قَالَ يَٰقَوۡمِ ٱعۡبُدُواْ
ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥٓۖ إِنۡ أَنتُمۡ إِلَّا
مُفۡتَرُونَ ٥٠

**50. Г1адил къавмалдаги вит1ана дица аварaглъун жидерго чи Гьуд. Гьев Гьуд аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе цох1о Аллагьасе**

**جَلَّ جَلَالُهُ. Нужее гьечӀо гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги жиндие гӀибадат гьабизе бегьулев чи. Нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гуресе гӀибадат гьабун гьесде ширк гьабураб мехалъ нуж рукӀуна гьереси чагӀи.** Нужер гӀибадатги гӀададисеб букӀуна»**-абун.**

يَٰقَوْمِ لَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا ۖ إِنْ أَجْرِىَ إِلَّا عَلَى ٱلَّذِى فَطَرَنِىٓ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٥١﴾

**51. Я дир къавм! Дица нужедаса ажро тӀалаб гьабулеб гьечӀо нужехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезабиялда данде. Дие ажро ва кири буго жинца дун вижарав ва хьихьулев Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ. Гьеб жо нужеда кин бичӀчӀулареб ва нужеца иманги щай лъолареб.**

Нужедаса щибго ужра-мухьги тӀалаб гьабичӀого нужеего лъикӀаб жоялда ахӀулев чи нужее насихӀат гьабулев чи вукӀин лъазе ккеларищ нужеда.

وَيَٰقَوْمِ ٱسْتَغْفِرُوا۟ رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوٓا۟ إِلَيْهِ يُرْسِلِ ٱلسَّمَآءَ عَلَيْكُم مِّدْرَارًا وَيَزِدْكُمْ قُوَّةً إِلَىٰ قُوَّتِكُمْ وَلَا تَتَوَلَّوْا۟ مُجْرِمِينَ ﴿٥٢﴾

**52. Я дир къавм! Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ нужедаса ккараб купру-ширкалъул мунагьал рахчи тӀалаб гьабе, цинги нуж тавбо гьабун гьесие гӀибадат гьабиялда русса ва цохӀо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутӀигӀлъун, гьесие тӀагӀат бацӀад гьабун хьваде. Гьадин иманалда ва гӀибадаталда нуж хьвадани Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее зодиса баракат бугеб цӀад базе буго»-абун.**

ГӀадилал абулеб къавм лъабго соналъ цӀад бачӀого, хур-хер бижичӀого, ракъун, гьалаглъиялда гӀагарлъун рукӀана. Гьуд аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезда амру гьабуна мунагьал рахчи тӀалаб гьабе ва тавбо гьабе абун. Гьаб кӀиябго жо буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхӀиялъе ва цӀад баялъе сабаб. Гьаб гӀамал гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее цӀад базе буго абун къотӀиги гьабуна. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цӀикӀкӀинабизе буго нужер къуваталда тӀад цогиги къуват.** Нужер къадроги кӀодо гьабила, черхалъул гучги гӀемер гьабула. Гьел ГӀадилал жидер черх кутакаб, къуват цӀикӀараб къавм букӀана, гьелдаса чӀухӀун жидецаги абун букӀана: «Нижедаса къуватав щив вугев»-абун. **Нуж мугъ бан руссуге дица жинда ахӀулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хӀакъаб диналдасан ва нужерго купру-ширкалда рукӀунге!»-абун.**

قَالُوا۟ يَٰهُودُ مَا جِئْتَنَا بِبَيِّنَةٍ وَمَا نَحْنُ بِتَارِكِىٓ ءَالِهَتِنَا عَن قَوْلِكَ وَمَا نَحْنُ لَكَ بِمُؤْمِنِينَ ﴿٥٣﴾

**53. Гьудил къавмалъ абуна: «Я Гьуд! Мун нижехъе вачӀинчӀо баянаб хӀужаялдалъун мун авараг вукӀиналда. Нижеца нижер алагьзабазе лагълъи гьаби тезе гьечӀо гьеб дуца бицараб**

**жоялъе г1оло. Дуда иман лъун мун рит1ухъги гьавиларо нижеца»-абун.**

**54. Нижеда рак1алда кколеб буго дуе зарал гьабун бугин нижер алагьзабаз.** Гьезда мун к1алъадалго, ниж гьезие г1ибадат гьабиялдаса дуца нахъеги ч1вадал, нижер алагьзабаз мун женаз ккурав г1адин г1адал гьавун вугин абун.

إِن نَّقُولُ إِلَّا ٱعْتَرَىٰكَ بَعْضُ ءَالِهَتِنَا بِسُوٓءٍ ۗ قَالَ إِنِّىٓ أُشْهِدُ ٱللَّهَ وَٱشْهَدُوٓا۟ أَنِّى بَرِىٓءٌ مِّمَّا تُشْرِكُونَ ﴿٥٤﴾

Гьудил къавмалъул гьал раг1абаз нилъее баян гьабулеб буго гьел ц1акъ рак1 беццал, г1амал к1удиял, ах1макъал г1адамал рук1ин. Иман лъезе, насих1ат босизе къасдго гьабуларел, жидер хъанчаз хайир ва зарал гьабулин абун божулел.

**Гьудица абуна: «Дица Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нуг1лъун ч1езавулев вуго нужеда дица насих1ат гьабиялъе ва Аллагьасул амруялда нахъвилълъун нуж Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат гьабиялда ах1иялъе. Дица нужги нуг1лъи гьабизе ах1улел руго дица нужгун цадахъги лъугьун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабич1о»-абун.**

**55. Дун вац1ц1адав вуго гьеб ширк гьабиялдаса. Нужер х1ал к1олеб батани киналго цадахъ лъугьун дие х1ила ва макро гьабе дун гьалаг гьавизе ва гьеб иш нужеца нахъбахъун тоге»-абун.**

مِن دُونِهِۦ ۖ فَكِيدُونِى جَمِيعًا ثُمَّ لَا تُنظِرُونِ ﴿٥٥﴾

Абусаг1удица абуна: гьаб ц1акъ к1удияб муг1жизат буго Гьуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ бугеб. Жив цох1ого вугев чияс гьедиг1анго къуватал, гучал чаг1и ах1улел руго нужги, нужер хъанчалги цадахъ лъугьун дие х1илла-макро гьабе абун. Гьезул алагьзабадаги г1айиб ч1валеб буго, гьездаги вагъун к1алъалев вуго, цингиги гьеб къавмалда к1олеб гьеч1о Гьуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ щибго зарал гьабизе. Гьаб буго Гьуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божиялъул ва гьесда таваккал т1амиялъул камиллъи.

**56. Х1акълъунго Дица таваккал т1амун буго дир Бет1ергьан Аллагьасда, гьев вуго дирги нужерги Бет1ергьан.** Гьесда кодоб буго кинабго жоялъул ихтияр. **Ракьалда т1ад цох1о рух1ч1аголъи гьеч1о гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие квегъараб бук1ун гурони. Х1акълъунго дир Бет1ергьан Аллагь г1адилав хан вуго, жиндир х1укму бит1аравги вуго.** Жинца лъик1лъи гьабурасе ва квешлъи гьабурасе щивасда рекъараб жазаъ гьабулевги вуго.

إِنِّى تَوَكَّلْتُ عَلَى ٱللَّهِ رَبِّى وَرَبِّكُم ۚ مَّا مِن دَآبَّةٍ إِلَّا هُوَ ءَاخِذٌۢ بِنَاصِيَتِهَآ ۚ إِنَّ رَبِّى عَلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٥٦﴾

**57. Гьаб дир ах1иялдаса руссун, иман**

فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَقَدْ أَبْلَغْتُكُم مَّآ أُرْسِلْتُ بِهِۦٓ إِلَيْكُمْ ۚ

وَيَسْتَخْلِفُ رَبِّي قَوْمًا غَيْرَكُمْ وَلَا تَضُرُّونَهُۥ
شَيْـًٔا ۚ إِنَّ رَبِّي عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ حَفِيظٌ ٥٧

**лъезе ч1ух1ун нуж ч1ани, гьелъул дие щибго къварилъи, зарал гьеч1о. Дица нужехъе щвезабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун жиб босун вит1араб рисалат. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужги гьалаг гьарун нужер бак1алда цоги къавм бижула. Нужеца ширк гьабун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавич1ого ч1ун гьесие щибго зарал гьабуларо.**

Гьеб киналъулго зарал ва къварилъи нужеего бук1ине буго. **Х1акълъунго дир Бет1ергьан жинца кинабго жо ц1унулев, гьелъул тадбир гьабулев вуго.** Нужер макроялдаса дунги ц1унизе вуго дир Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.

وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا هُودًا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟
مَعَهُۥ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَنَجَّيْنَٰهُم مِّنْ عَذَابٍ غَلِيظٍ ٥٨

**58. Гьеб Гьудил къавмалъе г1азаб гьабизе бугеб дир амру т1аде щвараб мехалъ дица Гьуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесда цадахъ ругел муъминзаби хвасар гьаруна дир ц1об-рах1маталдалъун. Ва дица гьел хвасар гьаруна ц1акъ гучаб, сог1аб г1азабалдаса.**

Гьезие г1азаб гьабуна кутакаб гьуриялдалъун: гьезул минабиги риххизарулеб, ракьалда т1ад щибго ч1агояб жо толареб. Гьел капурзабазул мег1ер к1алалдаса жаниб лъугьун, нахъияб рахъалдса къват1ибе бач1унеб бук1ана гьеб гьури. Гьедин гьалаг гьарун, кьолболъан рахъун г1одоре рехарал гъут1бузда релъун рук1ана гьезул къаркъалаби.

وَتِلْكَ عَادٌ ۖ جَحَدُوا۟ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ وَعَصَوْا۟
رُسُلَهُۥ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَمْرَ كُلِّ جَبَّارٍ عَنِيدٍ ٥٩

**59. Гьал руго Г1а́дилал, жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, гьесул аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва муг1жизатал гьереси гьарурал. Жалги нахърилълъун рук1арал киналниги г1асиял, залимал, пасикъал церехъабазда.**

Ц1акъ ч1ух1ун, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данде ч1ун рук1арал, жидер купру ва х1ал хъублъи г1орхъолъан ун рук1арал.

Гьал г1адамал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1акъ бигьаго гьалаг гьаруна: кьабулеб, бух1улеб, къот1улеб жого гьеч1ого цох1о гьуриги т1аде биччан гъот1ол т1анхал г1адин эхедеги росун г1одоре реххана, т1ок1ал т1адеги рахъич1о. Жидер къуватаб къаркъалаялда божун рук1арал гьезие данде рагъ гьабизе рес гьеч1еб, жидер щибго хъатбай бук1унареб гьорол г1азаб гьабуна. Ц1акъ к1удияб х1икмат буго гьаб пикру гьабурав чиясе.

وَأُتْبِعُوا۟ فِى هَٰذِهِ ٱلدُّنْيَا لَعْنَةً وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ أَلَآ
إِنَّ عَادًا كَفَرُوا۟ رَبَّهُمْ ۗ أَلَا بُعْدًا لِّعَادٍ قَوْمِ هُودٍ ٦٠

**60. Гьаб дунялалдаго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лаг1нат щвана гьезда:** Аллагьас жиндир рах1маталдаса рик1к1ад

гьаруна. **Къиямасеб къоялъги буго гьезие лаг1нат.**

Абадияб жужах1 буго, г1азабалъул рукъалъун жиб бугеб. **Гьаб Г1а́дил къавм Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккун ч1ана. Аллагьас жиндир рах1маталдаса ц1акъ рик1к1адги гьаруна Гьудил къавмлъун ругел г1адамал.**

**61. Самудияздаги вит1ана жидедаго гьоркьоса чи Ссалих1 авараг**عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ**. Гьес абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе ц1ох1о Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ**. Нужее цоги Аллагь гьеч1о цох1о гьев гурев, жиндие лагълъи гьабизе бегьулев.**

﴿۞وَإِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمۡ صَٰلِحٗاۚ قَالَ يَٰقَوۡمِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥۖ هُوَ أَنشَأَكُم مِّنَ ٱلۡأَرۡضِ وَٱسۡتَعۡمَرَكُمۡ فِيهَا فَٱسۡتَغۡفِرُوهُ ثُمَّ تُوبُوٓاْ إِلَيۡهِۚ إِنَّ رَبِّي قَرِيبٞ مُّجِيبٞ ٦١﴾

Ва жинца нужее лъик1лъиниги, квешлъиниги гьабулев. **Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца нуж рижарав ва гьаб ракьалда т1ад г1умру гьабизе риччарав,** гьеб г1умру гьабиялъе киналго сабабалги рекъезарун. **Гьанжелъизег1ан нужеца купро-ширк гьабиялдаса т1аса лъугьинги гьаре гьев Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ**, цинги тавбо гьабун, Аллагь разилъи т1алаб гьабун хьваде. Х1акълъунго дир Бет1ергьан Аллагь жиндир гурх1ел-рах1маталдалъун лагъзадерида г1агарда вуго, гьезул дуг1аялъе жаваб кьолев, гьезул тавбо къабул гьабулев вуго»-абун.**

**62. Къавмалъ жаваб гьабуна: «Я Ссалих1! Дуца гьеб хабар бициналда цеве мун вук1ана нижее мун вокьулев ва мун нижер сайидлъун** (к1удияв, хан) **вук1ине нижее бокьарав чи.** Амма гьанже ниж г1ажаиблъана дур хабаралдаса. **Дуца ниж гьукъулелищ ругел нижер умумуз жидее г1ибадат гьабурал хъанчазе нижеца лагълъи гьабиялдасан? Ниж ц1акъ щакдаризарулел руго дур хабаралъ ва ниж божулел гьеч1о дуца цох1о Аллагьасе лагълъи гьабе абураб жо бит1араб бук1иналда»-абун.**

﴿قَالُواْ يَٰصَٰلِحُ قَدۡ كُنتَ فِينَا مَرۡجُوّٗا قَبۡلَ هَٰذَآۖ أَتَنۡهَىٰنَآ أَن نَّعۡبُدَ مَا يَعۡبُدُ ءَابَآؤُنَا وَإِنَّنَا لَفِي شَكّٖ مِّمَّا تَدۡعُونَآ إِلَيۡهِ مُرِيبٖ ٦٢﴾

**63. Ссалих1ица абуна: «Я дир къавм! Нужеца пикро гьабе, цинги нужеца дида бице: гьаб дица бицунеб жоялъулъ дун рит1ухъавги вук1аго гьелъие Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан х1ужа-далилги бук1ун, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **дие к1удияб рах1матги кьун бук1ун, дун авараглъун гьавун,- гьаб кинабго иш гьадин бук1аго дун Бет1ергьан Аллагьасда г1асилъани ва гьесул амруялда нахъ**

﴿قَالَ يَٰقَوۡمِ أَرَءَيۡتُمۡ إِن كُنتُ عَلَىٰ بَيِّنَةٖ مِّن رَّبِّي وَءَاتَىٰنِي مِنۡهُ رَحۡمَةٗ فَمَن يَنصُرُنِي مِنَ ٱللَّهِ إِنۡ عَصَيۡتُهُۥۖ فَمَا تَزِيدُونَنِي غَيۡرَ تَخۡسِيرٖ ٦٣﴾

вилълъинч1они, щивха вук1инев дие квербакъулев ва дидаса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб нахъч1валев чи»-абун. Нужеда т1адги рекъон нужеда цадахъ ч1ч1ани, дун ц1акъ ч1ового хут1арав, дир кинабго г1амал г1адада хварав чи вук1уна. Нужеца дун сайидлъун гьавиялъги дие щибго хайир гьабизе гьеч1о.

وَيَٰقَوۡمِ هَٰذِهِۦ نَاقَةُ ٱللَّهِ لَكُمۡ ءَايَةٗۖ فَذَرُوهَا تَأۡكُلۡ فِيٓ أَرۡضِ ٱللَّهِۖ وَلَا تَمَسُّوهَا بِسُوٓءٖ فَيَأۡخُذَكُمۡ عَذَابٞ قَرِيبٞ ٦٤

64. Я дир къавм! Гьаб варани буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьурулъан къват1ибе бахъизабураб дун авараг вук1ин рит1ухъ гьабулеб муг1жизатлъун. Нужеца гьеб варани Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ракьалда т1ад жиндиего бокьараб бак1алда хьвадун, бокьараб бак1алдаса хер кванан эркенго те, гьелъие щибго заралги гьабуге. Гьаб амру нужеца хвезабуни нужеда гьаб дунялалдаго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб щвезе буго»-абун.

فَعَقَرُوهَا فَقَالَ تَمَتَّعُواْ فِي دَارِكُمۡ ثَلَٰثَةَ أَيَّامٖۖ ذَٰلِكَ وَعۡدٌ غَيۡرُ مَكۡذُوبٖ ٦٥

65. Ссалих1ил къавмалъ гьаб амру хвезабуна ва варани хъуна. Цинги гьезда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан абуна: «Гьанже нужеца лъабгго къоялъ мунпаг1ат босе гьаб дунялалъул ч1аголъиядаса. Цинги нужее х1акълъизе буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб къот1и, ва гьаб гьересияб гуреб хабар буго»-абун.

فَلَمَّا جَآءَ أَمۡرُنَا نَجَّيۡنَا صَٰلِحٗا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَعَهُۥ بِرَحۡمَةٖ مِّنَّا وَمِنۡ خِزۡيِ يَوۡمِئِذٍۚ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ ٱلۡقَوِيُّ ٱلۡعَزِيزُ ٦٦

66. Цинги дица къавм гьалаг гьабизе къот1и гьабураб г1уж т1аде щвараб мехалъ, дица Ссалих1 авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва гьесда цадахъ рук1арал муъминзаби Дир ц1об-рах1маталдалъун хвасар гьаруна, гьеб къоялъул жинца инжит гьарулеб г1азабалдаса. Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь вуго гуч бергьарав, жиндир т1адег1анлъи ва къадро к1удияв.

وَأَخَذَ ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ ٱلصَّيۡحَةُ فَأَصۡبَحُواْ فِي دِيَٰرِهِمۡ جَٰثِمِينَ ٦٧

67. Гьеб къосараб, зулмуяб къавм цо гучаб гьаракьалъул г1азабалдалъун гьалаг гьаруна. Жидерго росабалъ ва рукъзабахъ гьелги лъуна хун г1одор ккаралльун. Гьел ругеб бак1алдаго рак1 бихъун хвана.

كَأَن لَّمۡ يَغۡنَوۡاْ فِيهَآۗ أَلَآ إِنَّ ثَمُودَاْ كَفَرُواْ رَبَّهُمۡۗ أَلَا بُعۡدٗا لِّثَمُودَ ٦٨

68. Сон (араб къоялъ) жал ч1агого рук1инч1ел г1адин, сас-мах1 т1аг1ун, авалавги ахиравги т1аг1ана. Гьаб Самудиязул къавм Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар

**ккураб бук1ана ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел жиндир рах1маталдаса рик1ад гьаруна.**

Ц1акъ к1удияб гьалаглъи, г1одобег1анлъи ва лаг1нат буго гьеб Ссалих1ил къавмалда.

وَلَقَدْ جَآءَتْ رُسُلُنَآ إِبْرَٰهِيمَ بِٱلْبُشْرَىٰ قَالُوا۟ سَلَٰمًا قَالَ سَلَٰمٌ فَمَا لَبِثَ أَن جَآءَ بِعِجْلٍ حَنِيذٍ ﴿٦٩﴾

**69.** Жинда свалат салам лъеяв **Ибрагьим аварагасухье дир расулал рач1ана гьесие рохалил хабарги босун ва гьез абуна: дуе салам буго, ниж дуе заралалъе ругел гьеч1о, дуе лъик1аб хабаргун рач1арал руго. Ибрагьимицаги عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна нужееги буго салам абун. Цинги гьел расулазе хъулухъ гьабун хехго кьарияб бече хъун, гьелъул гьан бежун ццебе лъуна.**

Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ х1айванал рук1иналъ хъуна гьеб бече, гьелъул гьанги гъаситоялде жаниб баг1арлъизег1ан роркьизарурал ганч1азда лъун бежараб, жиндир беэнлъиги т1инк1улеб гьан бук1ана. «Алмисбах1ул муниралда» абун буго: бежараб бачил гьан ццебе лъедалго гьалбал гьелда квер бегьич1ого ч1ч1ана. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ щай нужеца гьеб т1аг1ам кваналаребан абидал, гьез абуна нижее гьебгун цадахъ кваналеб жо бокьун буго абун. Ибрагьимица абуна гьебгун цадахъ кваналеб жо буго авалалда бисмиллагь аби, ва ахиралда алх1амдулиллагь аби абун. Цинги Жабраил малаикас Микаилиде абуна: «Вук1унги вуго гьав Ибрагьим Халилуллагь»-абун. Ай Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьудул абун жинда ц1ар лъезе мустах1икъав вук1ун вуго Ибрагьим абураб маг1на буго гьаб раг1иялъул.

فَلَمَّا رَءَآ أَيْدِيَهُمْ لَا تَصِلُ إِلَيْهِ نَكِرَهُمْ وَأَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيفَةً قَالُوا۟ لَا تَخَفْ إِنَّآ أُرْسِلْنَآ إِلَىٰ قَوْمِ لُوطٍ ﴿٧٠﴾

**70. Цинги гьел расулаз гьаналда кверго бегьулеб бихьич1еб мехалъ ва гьезул т1абиг1ат-г1амалги ц1акъго бат1ияб бихьидал, Ибарагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ рек1елъ щаклъи ва х1инкъи рехана.**

Г1арабиязул г1адат бук1ана т1ад вач1арав гьоболас т1аг1ам кванач1еб мехалъ гьев цо квешлъиялъе вач1арав чи вугин х1исаб гьабулеб. **Гьел расулаз абуна: мун х1инкъуге: «Ниж руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Лут1ил къавмалъухье рит1арал малаикзаби гьеб къавм гьалаг гьабизе»-абун.** Цо г1алимзабаз абуна: гьел Жабраил, Микаил, Исраил малаиказаби рук1ана абун. Цогидаз абуна: гьезул анц1ила цо чи вук1ана ц1акъ гьумер берцинал г1олохъабазул сипаталда абун.

وَٱمْرَأَتُهُۥ قَآئِمَةٌ فَضَحِكَتْ فَبَشَّرْنَٰهَا بِإِسْحَٰقَ وَمِن وَرَآءِ إِسْحَٰقَ يَعْقُوبَ ﴿٧١﴾

**71. Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ч1ужу Сарат йик1ана** гьездаса рик1к1ад гьеч1ого, гьезул хабар раг1улеб бак1алда,

**гьезие хъулухъ гьабизе ч1ун, ва Лут1ил къавм гьалаг гьабизе буго абидалго гьей ёххана гьеб квешаб къавм т1асан ине бокьун ва жий разилъун хьимана (елъана). Дица гьелда рохел бицана гьел малаикзабазул мац1алдалъун дуе Исх1акъ абун ц1ар лъезе вас гьавизе вуго абун, цинги гьев Исх1акъ гьавун хадувги гьесие Яг1къуб абун ц1ар лъурав васги гьавизе вуго абун.**

قَالَتْ يَٰوَيْلَتَىٰٓ ءَأَلِدُ وَأَنَا۠ عَجُوزٌ وَهَٰذَا بَعْلِى شَيْخًا ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ عَجِيبٌ ﴿٧٢﴾

**72. Гьей Сарат ц1акъ г1ажаиблъун, божич1ого лъугьана ва гьелъ абуна: «Вай дир г1ажаиблъи ва х1айранлъи! Дица лъимер кин гьабилеб херлъун, к1одолъун йигей, цох1о лъимерги гьабич1ей ч1ужуялъ, гьав дир росги ц1акъго херав чи вуго. Х1акълъунго Гьаб жинда г1ажаиблъи гьабизе ккараб иш буго»-абун.**

Г1адаталдаги данде кколеб гьеч1о, г1акълуялда рекъараб гьеч1о гьал г1адамаз бицунеб хабар абун г1ажаиблъана Сарат. Жегиги г1ажаибаб бук1инарищха гьев вас гьави гурев гьесиеги вас гьавизе вук1ин бицинги ва гьеб амру х1акъикъаталда рит1ухълъун бихьиги.

Г1алимзабаз абуна: гьеб мехалъ Саратил нусго г1агарун сон бук1ана ва Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ нусиялда къого сон бук1ана. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1ал к1олъиялдалъун гьезие вас гьавуна Исх1акъ абун жинда ц1ар лъурав. Гьасдаса цеве Ибрагьим аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Гьажар абурай гъарабашалъ цоги вас гьавуна Исмаг1ил абун жинда ц1ар лъурав. Исх1акъил лъимал ва зурият буго киналго ягьудиял, Исмаг1илил насло буго г1арабиял.

قَالُوٓا۟ أَتَعْجَبِينَ مِنْ أَمْرِ ٱللَّهِ ۖ رَحْمَتُ ٱللَّهِ وَبَرَكَٰتُهُۥ عَلَيْكُمْ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ ۚ إِنَّهُۥ حَمِيدٌ مَّجِيدٌ ﴿٧٣﴾

**73. Малаикзабаца абуна: мун г1ажаиблъулейищ йигей Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялда.** Гьеб г1ажаиблъизе ккараб жо гьеч1о. Т1адег1анав Аллагь ц1акъ къудрат ва гуч к1удияв вуго ва нужее лъимер гьаби щибго г1адат бихъараб ва г1акълуялъ босулареб жо гьеч1о. **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рах1мат ва баракат лъеги нужеда я Ибрагьим аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **агьлу! Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жив веццизе мустах1икъав, жиндир къимат, къадро к1удияв хан.** Нужецаги гьев Аллагьасе рецц гьабе ва гьев к1одо гьаве я гьаб исламияб уммат!

Тафсир гьабурал г1алимазабаз цоги маг1на гьабуна гьаб аяталда жаниб бугеб «فَضَحِكَتْ» абураб раг1иялъе: гьей Саратида х1айиз бач1ана гьей яхъунч1ун йигеб бак1алда (как хут1ана, менструация). Гьелда цебего к1очон бук1ана х1айз бач1иги, цогидабги руччабазул х1ал, гьей

к1одолъун херлъун йик1идал. Гьеб ишалда Сарат г1ажаиблъидал, гьелда рохел бицана гьеб г1аламат бугин дуе лъимер лъугьизе бук1иналъе абун. Цинги гьей ц1акъго г1ажаиблъана: г1умруялъ цох1о лъимер гьабич1ей дица гьанжейищ лъимер гьабулеб гьав нусиялда къого сон барав росасдаса абун. Хадуб гьелда абуна: мун г1ажаиблъуге! Т1адег1анав Аллагь ц1акъ х1алк1олъи гучав хан вуго, гьесда к1ола жиндие бокьараб жо бокьараб мехалъ ва бокьораб х1алалъ гьабизе абун.

Гьединго «Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ рек1елъ х1инкъи рехана» абураб раг1иялъе тафсир гьабуна: Ибарагьим аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ лъана гьел малаикзаби рук1ин ва жив х1инкъана жинда г1айиб ккун жиндие г1азаб гьабизе, яги жиндир къавмалъе г1азаб гьабизе рач1ун ратила гьел абун. Малаикзабаца абуна: мун х1инкъуге! Ниж дуе ва дур къавмалъе г1азаб гьабизе рит1арал гьеч1о. Ниж руго Лут1ил къавмалъе г1азаб гьабизе рит1арал абун.

**74. Ибрагьим аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ х1инкъи ун гьесул рак1 парахалъидал, гьесие вас гьавилин абун рохелги бициндал, гьев лъугьана дир малаикзабазда бах1с гьабизе (къацандизе) Лут1ил къавмалъул х1акъалъулъ.**

فَلَمَّا ذَهَبَ عَنۡ إِبۡرَٰهِيمَ ٱلرَّوۡعُ وَجَآءَتۡهُ
ٱلۡبُشۡرَىٰ يُجَٰدِلُنَا فِي قَوۡمِ لُوطٍ ٧٤

Гьездаса г1азаб гьаби нахъбахъун тезе бегьиларищ? Гьез иман лъезе ва квешаб г1амал тезе бегьила гурищ? абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьимица абуна: гьеб Лут1ил къавмалда гьоркьов к1икъоялда анц1го муъминчи вугони нужеца гьалаг гьаризе рук1анищ гьел абун: доз абуна рук1инч1о-абун. Цинги Ибрагьимица абуна: «лъеберго вугони, анц1го вугони гьалаг гьаризе рук1анищ абун. Доз абуна: «рук1инч1о» абун. Ибрагьимица абуна цо муъминчи вугони гьалаг гьарулишха нужеца гьеб къавм»–абун. Малаикзабаз абуна гьаруларо абун. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Гьеб къавмалда гьоркьов Лут1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго гурищ? абун.

**75. Х1акълъунго Ибрагьим ц1акъ х1алимав, г1адамазда гурх1ун зигардулев ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ вуссун, гьесие т1аг1ат гьабияда т1ад ч1арав вуго.**

إِنَّ إِبۡرَٰهِيمَ لَحَلِيمٌ أَوَّٰهٞ مُّنِيبٞ ٧٥

Гьел сипатал жиндилъ рук1иналъ Лут1ил къавмалдаса г1азаб нахъбахъиналда хьул лъун вук1ана Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ .

**76. Цинги гьев Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ малаикзабаца абуна: «Я Ибрагьим! Дуца гьеб хабар бицунге ва мун г1емер зигардуге. Х1акълъунго**

يَٰٓإِبۡرَٰهِيمُ أَعۡرِضۡ عَنۡ هَٰذَآۖ إِنَّهُۥ قَدۡ جَآءَ أَمۡرُ
رَبِّكَۖ وَإِنَّهُمۡ ءَاتِيهِمۡ عَذَابٌ غَيۡرُ مَرۡدُودٖ ٧٦

**Дур Бет1ергьанасул амру бач1ун буго гьел гьалаг гьареян абун. Х1акълъунго Гьезда гьеб г1азаб гьанже бач1изе буго ва гьелъие нахъч1вайги гьеч1о»-абун.**

وَلَمَّا جَآءَتۡ رُسُلُنَا لُوطٗا سِيٓءَ بِهِمۡ وَضَاقَ
بِهِمۡ ذَرۡعٗا وَقَالَ هَٰذَا يَوۡمٌ عَصِيبٞ ٧٧

**77. Дир расулал Лут1ихъе рач1араб мехалъ гьеб гьесда ц1акъ квеш бук1ана, гьелдалъун гьесул рак1ги къварилъана ва гьес абуна: гьаб къо бугоха дие ц1акъ зах1матаб къо абун.**

Ц1акъ берцинал гьурмазул г1олохъабилъун гьел малаикзаби жинда рихьидалго, жиндир къавмалъул къабих1лъи ва инжитлъи лъалеб бук1ун, гьел гьалбадерида рак1 гурх1ун, гьабизесеб жо т1аг1ун лъугьана Лут1 авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ.

وَجَآءَهُۥ قَوۡمُهُۥ يُهۡرَعُونَ إِلَيۡهِ وَمِن قَبۡلُ كَانُواْ
يَعۡمَلُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِۚ قَالَ يَٰقَوۡمِ هَٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِي
هُنَّ أَطۡهَرُ لَكُمۡۖ فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَلَا تُخۡزُونِ فِي
ضَيۡفِيٓۖ أَلَيۡسَ مِنكُمۡ رَجُلٞ رَّشِيدٞ ٧٨

**78. Ц1акъ хехго, г1едег1ун** цоял цояздаса цере ккезе ях1 бахъун, нахъаса ц1алаца кьабун цебе къот1ун бачунеб боц1иялда релъун, **Лут1ил къавмги щвана гьеб саг1атго т1аде. Цебеги гьеб къабих1аб пиша гьабулел, гьелда ругьунал г1адамал рук1ана гьел.** Жий капурай Лут1ил ч1ужуялъ къват1ие яхъун, гьезул годек1ание ун бициндал ц1акъ берцинал гьалбал рач1анин къаси Лут1ихъе абун, г1едег1ана гьеб къавм цоял цояздаса цере ккезе бокьун.

**Лут1ица абуна: «Я дир къавм! Нужеца дир гьалбадерие г1акъуба кьоге, гьездахун ливат1 гьабун къабих1аб пиша гьабизе нуж г1агарлъуге! Гьале дир ясал руго нужее нужеца шагьват т1убазе бокьун батани.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб шагьват жидергун т1убазе рижарал ва нужее гьел магьарилъун х1алалаб нухда рачин ва гьелгун цадахъ рос-лъадилъун рук1ин лъик1аб буго ва бац1ц1адаб буго х1арамаб, чорокаб, инжитаб г1амал гьабиялдаса.

**Нуж Аллагьасдаса х1инкъа, гьесул г1азаб нужеда щолеблъиги лъай. Гьал гьалбадерида цеве дунги инжит гьавуге.** Гьезие кумек гьабизе к1оларевлъун дун ккезавун ва дида т1адаб х1алалъ гьоболлъи т1убазе к1веч1ого. **Нужеда гьоркьов цониги чиго гьеч1ишха жинда жо бич1улев, жив бит1араб нухда т1овит1арав? Нуж гьеб ишалдаса нахъч1вазе?**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Лут1 аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ «гьал дир ясал руго нужее рац1ц1адал» – абураб раг1иялъул маг1на буго: гьаб дир къавмалъул руччаби раче нужеца магьариги лъун руччабилъун абураб.

Щивав аварag жиндир умматалъе вали ва эмен вук1уна гьедин бугелъул дир ясал аби маг1на бит1араб бугин, абизе рекъараб раг1и буго. Жиндир ясал гьел инжитал г1адамазе кьолевлъун вук1инч1о Лут1 аварag عَلَيْهِ السَّلَامُ. Насаб тухум лъик1ал г1адамаз жидер ясал г1одорег1анал г1адамазе кьолареб мехалъ аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьеб иш кин рекъелеб?

قَالُوا۟ لَقَدْ عَلِمْتَ مَا لَنَا فِى بَنَاتِكَ مِنْ حَقٍّ وَإِنَّكَ لَتَعْلَمُ مَا نُرِيدُ ۝٧٩

**79. Къавмалъ абуна: дуда лъала гурищ нижее гьел дур руччаби рокьун гьеч1еблъи ва нижер гьезда гьира бахъун гьеч1еблъиги. Жегиги дуда лъала гурищ нижее щиб жо бокьун бугеблъи ва щиб жоялъе г1оло ниж духъе рач1араблъиги** абун.

Аллагьасдаса ничеч1о ва х1инкъич1о гьел г1адамал загьирго, рагьунго жидер мурад бицине. Ничезеги кинха гьел ничелел жидер пиша х1айваназ гьабулареб пиша бугелъул, гьездасаги г1одорег1ан жалги ккун ругелъул.

قَالَ لَوْ أَنَّ لِى بِكُمْ قُوَّةً أَوْ ءَاوِىٓ إِلَىٰ رُكْنٍ شَدِيدٍ ۝٨٠

**80. Лут1 аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: гьай аман Аллагь! дир цо къуват бугеб анищха нуж нахъч1вазе к1олеб, яги дир кьибил-тухум г1аги бук1арабани гьезда мугъч1вазе ва гьелгун цадахъ нужеда данде ч1езе абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жинда Аллагь гурх1аяв дир вац Лут1ие ц1акъ щулияб мугъ ч1валеб бак1 бук1ана»*–абун.

Т1адег1анав Аллагь вук1ана гьесда т1ад валагьун ва киндай жиндир вокьулес жиндир амру т1убала абун хьаравуллъи гьабун. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ана Лут1 аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ х1ал бихьи гьабун гьеб къавмалъул къабих1ал г1адамазда гьоркьов гьев ккезавуравги.

Къатадатица абуна: Нижеда бицана: гьав Лут1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ хадув Т1адег1анав Аллагьас цониги аварag вит1ич1о, жинда нахъа г1агарал чаг1и ругониги, жиндир дин ккурал чаг1и ругониги, гьезие квербакъулел г1адамал рук1ун гурони абун. Т1адег1анав Аллагьасул суннаталда рекъон аварag вит1ун гьесул ах1и жидеца къабул гьабич1еб мехалъ гурони гьеб квешаб, инжитаб къавм Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьабич1о. Малаикзабазда бихьидал Лут1 аврагасда бугеб зах1матаб х1ал, гьесул чара т1аг1и ва рес къот1и.

قَالُوا۟ يَٰلُوطُ إِنَّا رُسُلُ رَبِّكَ لَن يَصِلُوٓا۟ إِلَيْكَ فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ مِّنَ ٱلَّيْلِ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنكُمْ أَحَدٌ إِلَّا ٱمْرَأَتَكَ إِنَّهُۥ مُصِيبُهَا

**81. Гьез абуна: «Я Лут1! Ниж руго дур Бет1ергьан Аллагьасул расулал, гьеб къавмалда к1оларо щибго дуе зарал ва къварилъи гьабизе.**

مَآ أَصَابَهُمۡۚ إِنَّ مَوۡعِدَهُمُ ٱلصُّبۡحُۚ أَلَيۡسَ ٱلصُّبۡحُ بِقَرِيبٖ ﴿٨١﴾

Аллагьасул ﷻ амруялдалъун гьел гьалаг гьаризе рит1арал руго ниж. **Мун дур агьлугун цадахъ гьаб росулъан къват1иве вахъа сардил цо г1уж нахъе хут1араб мехалъ.**

**Нужер щивниги чи нахъехунги валагьуге ва хадув чиги ч1ч1оге, цо дур капурай ч1ужу гурони. Х1акълъунго гьелдаги щвезе буго гьеб къавмалдаго щвараб г1азаб. Х1акълъунго Гьеб къавм гьалаг гьабизе Аллагьас ﷻ къот1и гьабун буго рогьалил г1ужалъ. Гьеб рогьалил г1ужги г1агардаго гьеч1ищха.** Гьаб раг1и абуна Лут1 авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалда ццим бахъун, рак1 бакъван вук1индал, гьесул рак1 х1алхьезе г1оло.

«Нужедаса щивниги чи нахъехун валагьуге» абиялъеги сабаб бук1ана гьеб къавмалда решт1араб г1азаб бихьани гьел рак1 бихъун, т1ул кьват1ун хвезе гурин абун. Лут1ил ч1ужуялда цо бат1ияб сас раг1идалго гьей нахъехун юссана ва гьелъ ах1ана: «Вай дир къавм» абун, цинги гьелда т1аде гамач1 реч1ун бач1ана ва жийги хун г1одое ккана.

Г1алимазабаца абуна: Лут1 аварагасухъе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьалбал рач1ин лъан къавм жиндихъе бекерун бач1унеб бихьидал, жинца рукъалъул нуц1а рахана, ва рукъов жанив вук1ун гьезда к1алъалев ва гьел нахъч1валев вук1ана. Цинги гьеб къавмалъ къедалда т1аде рахун азбаралде жанир лъугьине къасд гьабидалго, малаикзабаца абуна: «Я Лут1! Гьанже дуца нуц1а рич1е (рагье) ва нижги гьелги жалго тун мун нахъег1ан къай»-абун. Нуц1а рич1ун рагьараб мехалъ Жабраил малаикас гьезда кваркьи хьваг1ана ва киназулго берзул канлъи ана. Цинги гьел нахъе руссун лъутун ана жидее лъугьараб жо бич1ун: «Хвасарлъи киб бугеб» абун ах1долаго. Хъах1лъи рехилелде Лут1 жиндир агьлугун цадахъ росолъан къват1иве лъугьана.

فَلَمَّا جَآءَ أَمۡرُنَا جَعَلۡنَا عَٰلِيَهَا سَافِلَهَا وَأَمۡطَرۡنَا عَلَيۡهَا حِجَارَةٗ مِّن سِجِّيلٖ مَّنضُودٖ ﴿٨٢﴾

**82. Гьеб къавм гьалаг гьаризе ц1араб мех щведалго Аллагьас ﷻ Жабраил малаикасда амру гьабун, гьес гьеб росо эхедеги борхун к1ала гъокье сверизабуна.** Лут1ил къавмалъул щуго росо бук1ана абуна цо г1алимас: гьел росаби Жабраил малаикас зодоре рорхана зобалазул агьлуялъе жидер х1елказул ах1иги, гьабзазул г1анц1иги раг1улеб бак1алда щвезег1ан. Цинги к1ала гъокье сверизарун г1одоре рортизе риччана.

**Жегиги Аллагьасул ﷻ рахъалъан** щивав чиясда хасал **гамч1алги**

**реч1ана.** Х1арщги ц1аги жубан буцун гьарурал, **къвак1арал ва рух1арал.** Зодисан ц1ад балеб мисал бук1ана гьел ганч1ал ракьалда рач1улелъул: цоялда хадуб цун цогидаб бач1унеб.

**83. Щибалда т1ад Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьараб г1уж гьабурал рук1ана гьел гамч1ал.** Жиб жинда реч1улев чиясул ц1арги хъван бук1ана.

مُّسَوَّمَةً عِندَ رَبِّكَ وَمَا هِيَ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ بِبَعِيدٍ ﴿٨٣﴾

Гьал гамч1ал ракьалдаса гьеч1еблъиялъе далил буго гьаб раг1иялда жаниб. **Гьел Лут1ил къавмалъул росаби рук1араб бак1 г1емер рик1к1ад гьеч1о гьал Маккаялъул капурал къурайшиял жидер сапаралда хьвадулел нухаздаса.** Гьеб г1аламат щай жидеда бихьулареб ва гьелъул пикру гьабун иман лъезе кин хехлъуларел?

Г1алимзабаца абуна: Лут1ил къавмалъул росаби рук1араб бак1 ц1акъ лъим ц1амх1алаб ралъадлъун лъугьана жинда «хвараб ралъад» абун ц1ар бугеб (мёртвое море). Гьеб ралъадалъул лъим щибго жоялъе гьекъезе к1олеб ва жиндаса мунпаг1ат босулеб гьеч1о. «Лут1ил ралъад» абунги абула гьелда. Гьеб ралъадалда сверухъ бугеб ракьги буго жинда т1ад кинабг1аги хер бижулареб. Лут1ил къавмалъул росабазул бищун к1удияб садум (садомское грехоподение) абун ц1ар бугеб бук1ана ва гьеб ц1аралдалъун машгьурлъана гьезул къабихх1аб пиша кинабго г1аламалда.

Цогиги абуна г1алимзабаца: гьеб Лут1ил къавмалъул г1амал гьабулев чи цогидал росабалъ вук1адго гьесда т1аде бортун гамач1 бач1унеб бук1ана ва гьевги хун г1одов кколев вук1ана. Гьаб х1алалъ ракьалдаса цох1о чи теч1ого т1аг1инарун рук1ана гьел г1адамал.

**84. Мадян абулеб шагьаралъул г1адамаздаги вит1ана жидерго чи Шуг1айб авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ. Гьев Шуг1айбица жиндир къавмалда абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв, цоги гьеч1ев нужер Бет1ергьан Аллагьасе. Нужее цоги щивго чи гьеч1о алагьлъун вук1унев ва нужее заралниги хайирниги гьабулев. Нужеца нукъсан гьабуге ц1адиро бугониги, къали бугониги жиндалъун боцулеб, ц1алеб жо. Х1акълъунго дида нуж рихьулел руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее ниг1матал кьуралллъун, нужее щибго къварилъиги гьеч1о. Гьеб чияр боц1и нужеца кванани нужеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азаб**

۞وَإِلَىٰ مَدْيَنَ أَخَاهُمْ شُعَيْبًا قَالَ يَٰقَوْمِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥ وَلَا تَنقُصُوا۟ ٱلْمِكْيَالَ وَٱلْمِيزَانَ إِنِّىٓ أَرَىٰكُم بِخَيْرٍ وَإِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ مُّحِيطٍ ﴿٨٤﴾

**щвеялда х1инкъун вуго дун»-абун.**

Дунялалдаго щвезеги бегьила гьеб г1азаб, амма ахираталда г1азаб щвей х1акъаб буго. Гьеб ахират бугелъул щивниги чи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1исаб-мизаналдаса ворч1улареб къо. Мадян абулеб шагьар ва гьаб ракь буго Х1ижаз г1арабиязул ва Шамалъул гьоркьоб бак1алда. Гьел г1адамазда цоги абула «асх1абул айкати» абун. Рохьил г1адамал абун: жидер ракьалда рохь бук1ин сабаблъун.

Мадяналъул къавм мушгьурлъун бук1ана ц1адиро-къали нукъсан гьабиялдалъун. Гьедин бугелъул Т1адег1анав Аллагьас Шуг1айбил мац1алдалъун цоги нухалъ абулеб буго:

وَيَٰقَوۡمِ أَوۡفُواْ ٱلۡمِكۡيَالَ وَٱلۡمِيزَانَ بِٱلۡقِسۡطِۖ وَلَا تَبۡخَسُواْ ٱلنَّاسَ أَشۡيَآءَهُمۡ وَلَا تَعۡثَوۡاْ فِي ٱلۡأَرۡضِ مُفۡسِدِينَ ٨٥

**85. Я дир къавм! Нужеца т1убазабе боцулеб ва ц1алеб жо.** Бит1ун боцун, камил гьабун ц1ан. **Нужеца г1адамазул х1акъалги нукъсан гьаруге,** х1илла гьабун гьезие кьолеб жо камизабуге. **Ва нуж гьаб ракьалда т1ад к1удиял пасалъаби гьарулелллъун рук1унге.**

بَقِيَّتُ ٱللَّهِ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَۚ وَمَآ أَنَا۠ عَلَيۡكُم بِحَفِيظٖ ٨٦

**86. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее х1алалаблъун кьураб, нужее нахъе хут1улеб жо лъик1 буго нужеца данде бак1арулеб х1арамаб жоялдаса. Нуж иман лъурал, Аллагьасул г1азабалдаса х1инкъулел г1адамал ратани** гьаб хабар бич1а нужеда. **Дун гьеч1о нужер г1амалал ц1унулев чилъун, дица гьабизе гьеч1о нужее жазаъги.**

Дун вуго Аллагьасул расул нужеда лъик1аб жо малъулев ва нужее насих1ат гьабулев. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мут1иг1лъун, гьесул амруялда нахърилълъун хьвади нужее лъик1 буго дунялалъул маг1ишат гьабизеги, ахираталда нужеего лъик1аб жазаъ гьабизеги.

قَالُواْ يَٰشُعَيۡبُ أَصَلَوٰتُكَ تَأۡمُرُكَ أَن نَّتۡرُكَ مَا يَعۡبُدُ ءَابَآؤُنَآ أَوۡ أَن نَّفۡعَلَ فِيٓ أَمۡوَٰلِنَا مَا نَشَٰٓؤُاْۖ إِنَّكَ لَأَنتَ ٱلۡحَلِيمُ ٱلرَّشِيدُ ٨٧

**87. Гьеб къавмалъ абуна: «Я Шуг1айб, дур как-диналъищ дуда амру гьабулеб бугеб нижеца умумуз жидее лагълъи гьабурал алагьзаби тун цо Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **лагълъи гьабе абун нижеда абизе. Яги нижерго боц1и-малалъе нижее бокьарб жо гьабизе тоге абун абизе. Х1акълъунго мун ватизе кколаха ц1акъ нижедаги гурх1арав г1акълоги камилав чи, нижее щиб жо лъик1аб бугеб ва щиб жо квешаб бугеб дуда лъалев»- абун.**

Гьаб кинабго жо къавмалъ Шуг1айбида абуна гьев махсароде гьавун,

гьес бицараб жо сан гьабич1ого.

قَالَ يَٰقَوۡمِ أَرَءَيۡتُمۡ إِن كُنتُ عَلَىٰ بَيِّنَةٖ
مِّن رَّبِّي وَرَزَقَنِي مِنۡهُ رِزۡقًا حَسَنٗاۚ وَمَآ
أُرِيدُ أَنۡ أُخَالِفَكُمۡ إِلَىٰ مَآ أَنۡهَىٰكُمۡ
عَنۡهُۚ إِنۡ أُرِيدُ إِلَّا ٱلۡإِصۡلَٰحَ مَا ٱسۡتَطَعۡتُۚ وَمَا
تَوۡفِيقِيٓ إِلَّا بِٱللَّهِۚ عَلَيۡهِ تَوَكَّلۡتُ وَإِلَيۡهِ أُنِيبُ ٨٨

**88. Шуг1айбица хадубги абуна: «Я дир къавм! Нуж ургъун рихье ва нужеца дида бице: Аллагьасул рахъалъан х1акъаб дингун дун вач1ун вугеб мехалъ ва гьес дие берцинаб, х1алалаб ризкъиги насиб гьабун бугеб мехалъ,** дица бегьилищ нужеца квешаб жо теян абич1ого бук1ине ва нужеца хъанчие лагълъи гьабугеян абич1ого тезеги.

Аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рит1иялъул х1икматго жиндир къавм лъик1аб жоялда ах1и ва гьезда жидее маслих1атаб жо малъи бугелъул.

**Дица нужеда гьабеян амру гьабулеб жо дицагоги гьабулеб бугелъул, дун гьелдаги хилиплъулев гьеч1о.** Гьаб раг1и буго цогидазда амру-нагъю гьабулев чи живго вит1ун хьвадулев вук1ине ккеялда т1орит1ел гьабулеб: инсанасул г1адат буго жинда бицунеб, малъулеб жоялдасаги хехго жинца чияс гьабулеб пиша хал гьаби ва гьелда нахъвилълъине г1амал гьаби.

**Дие бокьарб жо гьеч1о х1ал к1вараб х1аралъ лъик1лъи гьаби гурони, гьелдалъун нужееги лъик1лъи лъугьине бокьун буго. Дица гьабулеб г1амалалъулъ дие тавпикъ, квербакъиги гьеч1о цох1о Аллагьасдаса гурони. Гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ буго дица таваккал т1амун. Ва дуг1а гьабун, тавбо гьабун, гьесда буго дир вуссинги.**

وَيَٰقَوۡمِ لَا يَجۡرِمَنَّكُمۡ شِقَاقِيٓ أَن يُصِيبَكُم
مِّثۡلُ مَآ أَصَابَ قَوۡمَ نُوحٍ أَوۡ قَوۡمَ هُودٍ أَوۡ قَوۡمَ
صَٰلِحٖۚ وَمَا قَوۡمُ لُوطٖ مِّنكُم بِبَعِيدٖ ٨٩

**89. Я дир къавм! Нуж дида данде ч1ун, дица малъараб жо босич1ого хьвадараб мехалъ нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1ассилъарал, гьесда иман лъей тараллъун рук1уна, цинги нужеда щвезе бегьула Нух1ил къавмалда, Гьудил къавмалда, Ссалих1ил къавмалда щвараб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъин ва гьалаг гьари. Гьев Лут1ил къавмалъул ват1анги, гьезул росаби рук1араб бак1ги нужедаса г1емер рик1к1адги гьеч1о.**

Гьелъул пикру кин гьабулареб ва гьелдаса ваг1за-насих1ат щай босулареб?.

وَٱسۡتَغۡفِرُواْ رَبَّكُمۡ ثُمَّ تُوبُوٓاْ إِلَيۡهِۚ إِنَّ
رَبِّي رَحِيمٞ وَدُودٞ ٩٠

**90. Нужеца Аллагьасдаса т1алаб гьабе ццебехун гьабураб квешаб г1амалалъул, купру-ширкалъул мунагьал чури, гьездаса т1аса лъугьин ва нуж тавбо гьабун Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ русса. Х1акъалъунго дир Бет1ергьан Аллагь муъминзабазда гурх1улев, жиндие гьел рокьулев вуго.**

Гьезул тавбо къабул гьабулев, гьезул мунагьал т1аса лъугьун толев вуго.

قَالُوا۟ يَٰشُعَيْبُ مَا نَفْقَهُ كَثِيرًا مِّمَّا تَقُولُ
وَإِنَّا لَنَرَىٰكَ فِينَا ضَعِيفًا ۖ وَلَوْلَا رَهْطُكَ
لَرَجَمْنَٰكَ ۖ وَمَآ أَنتَ عَلَيْنَا بِعَزِيزٍ ﴿٩١﴾

**91. Шуг1айбил къавмалъ абуна: «Я Шуг1айб гьеб дуца бицунеб жоялъул г1емерисеб нижеда бич1ч1улеб гьеч1о.** Мун гъваридаб, пасих1аб мац1 бицуневилан вук1аниги, дуца щибго нижее мунпаг1ат гьеч1еб жо бицунеб буго.

Гьав Шуг1айбида ц1ар буго аварагзабазул хат1иб абун (хут1ба гьабулев, пасих1ав чи) гьедин бугониги гьесул къавмалъ, жидее бокьулареб жо бицараб мехалъ, гьев маг1на бич1ч1улареб, г1адалаб жо бицунев чи вуго мун абун г1одовег1ан гьавуна.

**Нижеда мун вихьулев вуго нижеда гьоркьов къуват-къадро дагьавлъунги. Дур жамаг1ат ва тухум-кьибил бук1инч1ебани нижеца мун ч1имих реч1ч1ун ч1вазе вук1ана. Мун нижедаса т1ок1ав, хирияв гьеч1о. Нижеца дур х1урмат-къимат гьабулевги гьеч1о»-абун.**

قَالَ يَٰقَوْمِ أَرَهْطِىٓ أَعَزُّ عَلَيْكُم مِّنَ ٱللَّهِ
وَٱتَّخَذْتُمُوهُ وَرَآءَكُمْ ظِهْرِيًّا ۖ إِنَّ رَبِّى
بِمَا تَعْمَلُونَ مُحِيطٌ ﴿٩٢﴾

**92. Шуг1айб аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **абуна: нужее Аллагьасдасаги** جَلَّ جَلَالُهُ **цересели щхра ругел дир г1агарал чаг1и ва дир жамаг1ат? Нужеца гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **мугъалда нахъ рехун тун вуго, нуж гьесдаса х1инкъулелги гьеч1о. Х1акълъунго дир Бет1ергьан Аллагь нужеца гьабулеб г1амалалда сверун лъугьарав вуго.** Ва нужее рорч1изе бак1 гьеч1о гьесул г1азабалдаса.

وَيَٰقَوْمِ ٱعْمَلُوا۟ عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنِّى
عَٰمِلٌ ۖ سَوْفَ تَعْلَمُونَ مَن يَأْتِيهِ عَذَابٌ
يُخْزِيهِ وَمَنْ هُوَ كَٰذِبٌ ۖ وَٱرْتَقِبُوٓا۟ إِنِّى
مَعَكُمْ رَقِيبٌ ﴿٩٣﴾

**93. Я дир къавм! Гьанже нуж нужерго г1амал гьабулел рук1аха. Дицаги гьабизе буго дир г1амал. Нахъа бихьизе буго ва лъазе буго лъида решт1илеб жив г1одовег1ан гьавулеб г1азаб, ва щив вугев нилълъедаса жинца гьереси бицулев чи. Нуж хъаравуллъи ккун рук1а нужеда щиб г1азабдай бач1ина ва щиб къодай бихьилаян абун. Дунги хъаравуллъи ккурав вуго нужгун цадахъ.**

وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا شُعَيْبًا وَٱلَّذِينَ
ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَأَخَذَتِ
ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ ٱلصَّيْحَةُ فَأَصْبَحُوا۟ فِى
دِيَٰرِهِمْ جَٰثِمِينَ ﴿٩٤﴾

**94. Гьеб къавм гьалаг гьабизе бугеб дир х1укму т1аде щвараб мехалъ дир рах1маталдадъун дица хвасар гьаруна Шуг1айб авараг** عَلَيْهِ السَّلَام **ва гьевгун цадахъ иман лъун рук1арал муъминзабиги. Капураб ва зулмуяб къавм ккуна гучаб**

**гьаракьлъун бугеб г1азабалъ ва гьелги хун г1одоре ккана, жидер росабалъ ва рукъзабахъ.**

**95. Жал ч1агого рук1инч1еб г1адин щивго чи нахъе х1ут1ич1ого т1аг1ана гьеб къавм. Гьадин Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ц1об рах1маталдаса рик1ад гьари т1ад щвана мадяналъул агьлуялда, Самудиялги рик1к1ад гьарурал г1адин,** ва цогидал цересел умматазул капураб къавмги рик1к1ад гьабураб г1адин гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рах1маталдаса.

كَأَن لَّمْ يَغْنَوْا فِيهَآ ۗ أَلَا بُعْدًا لِّمَدْيَنَ كَمَا بَعِدَتْ ثَمُودُ ﴿٩٥﴾

Шуг1айб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавм гьалаг гьабиялъул бицен буго цогиги суратазда жаниб, гьел биценал данде рачараб мехалъ гьеб къавмалъе зодисан ц1акъ гучаб гьаракь раг1ун буго. гьеб гьаракьалъ х1инкъун эхеде бер борхилелде лах1 ч1ег1ерлъун, бец1лъун зобалги ун кутакаб ракь багъари лъугьун буго. гьаб балагьалдалъун цох1о лах1заталда жанир, гьел ругеб бак1алдаго рак1ал кьвагьун, т1ул бихъун гьелги хун руго.

**96. Дица Муса аварагги** عَلَيْهِ السَّلَامُ **вит1ана дир муг1жизаталгун ва баянаб х1ужагун.**

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَا وَسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ﴿٩٦﴾

Таврат кьуна гьесухъе жинда жаниб гьезие т1орит1ел бугеб ва шарг1иял ах1камалги ругеб.

**97. Пирг1авнида ва гьесул къавмалъул церехъабаздаги вит1ана Муса аварагعَلَيْهِ السَّلَامُ . Ва амма гьеб жагьилаб, ах1макъаб къавм пирг1авнида нахърилълъана. Гьесул нухги, гьес гьабулеб г1амалги бит1араб гьеч1о,** мекъаб, къосараб буго.

إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَإِي۟هِۦ فَٱتَّبَعُوٓا۟ أَمْرَ فِرْعَوْنَ ۖ وَمَآ أَمْرُ فِرْعَوْنَ بِرَشِيدٍ ﴿٩٧﴾

**98. Дунялалда жиндир къавмалда цеве лъугьун гьел къосизарулев вук1арав г1адин, ахираталдаги жиндир къавмалда цеве жужах1алъул ц1адаве уна пирг1авн ва жинца хадуб къавмги бачуна. Ц1акъ квешаб бак1 бугоха гьеб жужах1 жинда жанир лъугьине ва гьенир даимлъизе.**

يَقْدُمُ قَوْمَهُۥ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ فَأَوْرَدَهُمُ ٱلنَّارَ ۖ وَبِئْسَ ٱلْوِرْدُ ٱلْمَوْرُودُ ﴿٩٨﴾

**99. Гьаб дунялалъул рукъорги рук1ана гьев пирг1авнги гьесул къавмги Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **лаг1нат жидеда щварал, къиямасеб къоялъ гьебго лаг1нат буго**

وَأُتْبِعُوا۟ فِى هَٰذِهِۦ لَعْنَةً وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۚ بِئْسَ ٱلرِّفْدُ ٱلْمَرْفُودُ ﴿٩٩﴾

**гьезие. Ц1акъ квешаб жо бугоха гьеб лаг1нат инсанасе щвезе ва гьесда нахъ рег1изе.**

ذَٰلِكَ مِنْ أَنۢبَآءِ ٱلْقُرَىٰ نَقُصُّهُۥ عَلَيْكَ ۖ
مِنْهَا قَآئِمٌ وَحَصِيدٌ ﴿١٠٠﴾

**100. Гьал цере рицарал къиссаби руго Мух1аммад ﷺ, Аллагьас ﷻ дуда вах1ю гьабун рицунел, жал гьалаг гьарурал къавмазул,** Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, гьесда ширк гьабурал г1адамазе бук1унеб жазаъ бицун, дуе ва дур умматалъе насих1атлъун бук1ине. **Гьел умматазул росаби ва шагьарал цоял жегиги ракьалда руго цоги къавмаз жал г1уц1ун, гьез ирсалъе росун, цо-цо росаби ва шагьарал ракьалда асарго хут1ич1ого т1аг1унги руго, гьезул къавмги т1аг1араб г1адин.**

وَمَا ظَلَمْنَٰهُمْ وَلَٰكِن ظَلَمُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ ۖ
فَمَآ أَغْنَتْ عَنْهُمْ ءَالِهَتُهُمُ ٱلَّتِى يَدْعُونَ مِن
دُونِ ٱللَّهِ مِن شَىْءٍ لَّمَّا جَآءَ أَمْرُ رَبِّكَ ۖ وَمَا
زَادُوهُمْ غَيْرَ تَتْبِيبٍ ﴿١٠١﴾

**101. Дица гьел къавмазе зулму гьабич1о, гьел жалго рук1ана жидеца напсазе зулму гьабурал.** Гьез купру-ширк гьабуна, Аллагьасда ﷻ г1асилъана, ракьалда пасалъаби гьаруна, цинги гьезие г1азаб гьабиги х1акълъана. **Аллагьасул ﷻ г1азаб гьезда решт1араб мехалъ гьезие щибго кумек гьабич1о жидер алагьзабаца, жиндие г1ибадат гьабизе т1адав Аллагьги ﷻ тун жидеца гьезие лагълъи гьабурал ва гьез шапаг1ат гьабиялда божун рук1арал. Гьел алагьзаби кквей сабаблъун жидее г1азаб ц1ик1к1ин гуреб, гьездаса щибго хайирги бахинч1о.**

وَكَذَٰلِكَ أَخْذُ رَبِّكَ إِذَآ أَخَذَ ٱلْقُرَىٰ وَهِىَ
ظَٰلِمَةٌ ۚ إِنَّ أَخْذَهُۥٓ أَلِيمٌ شَدِيدٌ ﴿١٠٢﴾

**102. Гьадинаб буго Аллагьасул г1азаб гьаби цо къавмалъе г1азаб гьабизе ккараб мехалъ: гьез иман лъеч1ого ва Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги г1асилъун. Х1акълъунго Гьев Аллагьасул г1азаб гьабиги буго ц1акъ жинца унтизабулеб, жиб гучаб ва кьварараб.**

إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً لِّمَنْ خَافَ عَذَابَ ٱلْءَاخِرَةِ ۚ
ذَٰلِكَ يَوْمٌ مَّجْمُوعٌ لَّهُ ٱلنَّاسُ وَذَٰلِكَ يَوْمٌ
مَّشْهُودٌ ﴿١٠٣﴾

**103. Х1акълъунго гьал цере рицарал къиссабазулъ т1орит1ел буго ва ваг1за-насих1ат буго Аллагьасда ﷻ иманги лъурал ахираталъул г1азабалдасаги х1инкъулел г1адамазе. Гьеб ахиратги жиндилъ кинабго халкъ данде гьабулеб, жиндилъ гьабулеб х1исаб-мизан ва жазаъ кинабго г1аламалда бихьулеб, жибги кинабго халкъалда бихьизе бугеб, гьелдаса рорч1изе бак1 гьеч1еб**

**къо буго.**

**104. Дица гьеб къиямасеб къо бач1ин нахъе бахъун гьеч1о жиндие ц1араб, къадар гьабураб заман щвезег1ан гурони.** وَمَا نُؤَخِّرُهُۥٓ إِلَّا لِأَجَلٖ مَّعۡدُودٖ ۝١٠٤

Гьеб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къадар гьабураб г1ужалдаса ццебе кколаро ва нахъеги бахъуларо.

**105. Гьеб къо бач1араб мехалъ цониги напсалда к1алъазе к1оларо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изну бук1ун гурони. Гьеб къоялъ г1адамазул к1иго тайпа бук1ине буго: бахьибугел алжаналда унел рук1ина, бахьикъосарал жужах1алда унелги рук1ина.** يَوۡمَ يَأۡتِ لَا تَكَلَّمُ نَفۡسٌ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ فَمِنۡهُمۡ شَقِيّٞ وَسَعِيدٞ ۝١٠٥

**106. Бахьикъосарал г1адамал абуни даимго жужах1алда жанир рук1ине руго. Жидер х1ухьел ц1айги квешаб гьаракь бугеб бук1ина х1амил гьаг1иялда релъараб.** فَأَمَّا ٱلَّذِينَ شَقُواْ فَفِي ٱلنَّارِ لَهُمۡ فِيهَا زَفِيرٞ وَشَهِيقٌ ۝١٠٦

Г1азабалъул гучалъ гьезул гьаракь ва ах1и-х1ур бук1ина: авалалда кутакаб борхараб гьаракь бук1уна, ахиралде гьаракьги къун ах1изецин к1оларого рук1уна.

**107. Гьеб г1азабалъулъ рук1уна зобал-ракьал г1адин даимго.** Ай абадиялъго гьенир рук1ина гьел. خَٰلِدِينَ فِيهَا مَا دَامَتِ ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلۡأَرۡضُ إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَۚ إِنَّ رَبَّكَ فَعَّالٞ لِّمَا يُرِيدُ ۝١٠٧

Т1адег1анав Аллагьас гьаб раг1и абуна г1адамазда бич1улеб мац1алда: инсанасда лъалеб жо бугелъул зобал-ракьал жив вижилалдего рук1араблъи ва жив хун хадубги нахъе хут1улеблъи. Гурони (гьедин гьеч1ебани) ахираталъул зобал ракьал ругони гьелги абадиялъго рук1инесел руго.

**Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьараб цо къокъа бук1инаро гьеб жужах1алда абадиялъго.** Гьел руго жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулел рук1арал, кинниги к1удиял мунагьал гьарурал г1адамал, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьарабг1ан заманги бан гьел жужах1алдаса къват1ире рахъизарула. Гьезие щола Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул шапаг1ат ва гьезда абула: «Гьанже нуж рац1ц1алъана (лъик1лъана), нуж алжаналда лъугьа, даимго гьенир рук1инелъун»-абун. **Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь жиндие бокьараб жо жинца гьабулев вуго.** Гьесда жо малъулев чи гьеч1о, гьесул амру нахъч1валев чиги

гьеч1о.

۞ وَأَمَّا ٱلَّذِينَ سُعِدُواْ فَفِي ٱلۡجَنَّةِ خَٰلِدِينَ فِيهَا مَا دَامَتِ ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلۡأَرۡضُ إِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَۖ عَطَآءً غَيۡرَ مَجۡذُوذٖ ١٠٨

**108.** Аллагьасда ﷻ иман лъун, гьесул аварагасда нахърилълъун лъик1аб г1амал гьабун хьвадун, **жидер бахьибуголъарал г1адамал, гьал г1адамал алжаналда жанир рук1ула зобал-ракьал даимлъарабг1ан мехалъ.** Х1исаб-мизан лъугьарабго алжаналда лъугьинарула гьел. **Цо къокъа хут1изег1ан, Аллагьас ﷻ жидер мунагьал сабаблъун алжаналда лъугьиналдаса нахърахъун тарал.**

«Асх1абул аг1раф» абулел г1адамал руго гьал, жидер квешаб ва лъик1аб г1амал бащад ккун, аг1раф абулеб сангаралда т1ад рук1унел Аллагьас ﷻ алжаналда лъугьизе изно кьезег1ан. Жужах1алда рит1ун, цинги мунагьал чурун хадуб алжаналда лъугьизабулеб къокъаги буго. **Нахъаса къот1и гьеч1еб, жиндие мукъсанлъи гьеч1еб ва жиб т1аса унареб жазаълъун бук1ула Аллагьасул ﷻ рахъалъан гьаб алжанлъул ниг1матал.**

Жидеда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб х1адисалда буго: *хвел бачун бач1уна к1удияб куялъул сураталда ва гьеб хъола алжаналдаги жужах1алдаги гьоркьоб бак1алда. Цинги Аллагьасул рахъалъан абула: «Я алжаналъул агьлу! Даимаб алжан буго нужей ва хвелги бук1ине гьеч1о. Я жужах1алъул агьлу, даимаб жужах1 буго нужее ва хвелги бук1ине гьеч1о»*-абун.

Цоги х1адисалда буго: *«Алжаналъул агьлуялда абула: нуж гьал ниг1матазулъ ч1аго рук1ине руго кидаго хвезеги гьеч1о, нуж абадиялъго г1олохъанал рук1ине руго, кидаго херлъизе гьеч1о. Нуж даимго сахал рук1изе руго ва унтизе гьеч1о. Нужее даимал ниг1матал рук1ине руго, кидаго гьел ниг1матал т1аса иналда яги гьел щвеларо абун хьул къот1иги бук1ине гьеч1о»*-абун. Ибну Касирица кьуч1аблъун бицана х1адис.

فَلَا تَكُ فِي مِرۡيَةٖ مِّمَّا يَعۡبُدُ هَٰٓؤُلَآءِۚ مَا يَعۡبُدُونَ إِلَّا كَمَا يَعۡبُدُ ءَابَآؤُهُم مِّن قَبۡلُۚ وَإِنَّا لَمُوَفُّوهُمۡ نَصِيبَهُمۡ غَيۡرَ مَنقُوصٖ ١٠٩

**109. Гьал мушрикаца хъанчазе лагълъи гьаби бат1улаб жо бук1иналда мун щаклъуге Мух1аммад ﷺ; гьез гьабулеб г1ибадат гьеч1о, жидерго умумуз гьабулеб бук1араб хъанчие лагълъи гьаби гуреб.**

Щибго г1ила-х1ужа гьеч1еб, жидее мунпаг1ат гьеч1еб жо буго гьез гьабулеб. **Х1акълъунго Дица гьезие гьабизе х1акълъараб жазаъ гьабизе буго щибго мукъсан гьабич1ого.**

Цересел къавмал гьалаг гьариялъул къиссаби рицун дуе баян гьабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ купру-ширкалъул агьлуялъе кинаб г1азаб гьабурабали. Гьаб дур къавмалъеги гьабила Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьединаб г1азаб, гьез тавбо гьабун, иман лъун дуда нахъ рилъинч1они.

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ فَٱخْتُلِفَ فِيهِ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَقُضِىَ بَيْنَهُمْ ۚ وَإِنَّهُمْ لَفِى شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيبٍ ﴿١١٠﴾

**110. Дица Муса аврагасухъе Таврат кьуна. Гьеб Мусал къавм Тавраталда г1амал гьабиялъулъ хилиплъана.**

Цояз гьелда иман лъуна ва гьелъул х1укму къабул гьабуна, цогидаз гьелда иман лъеч1о ва жидеего дунялалъул маг1ишат т1алаб гьабиялъе сабаблъун сверизабуна. Бокьараб х1укму босана, бокьараб нахъе рехун гьелъул бак1алда жидее данде кколеб цоги х1укму хъвана.

**Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **азалияб х1укму бук1инч1ебани х1исаб-мизан гьабиги жазаъ гьабиги нахъбахъун тезеян гьабураб, гьеб Мусал къавмалъе жидер г1амалалда рекъараб х1укму гьабизе бук1ана.** Ва гьел хилиплъарал къокъабазул щибаб цоялъе гьезие гьабизе кколеб жазаъги гьабизе бук1ана. **Х1акълъунго Гьаб Маккаялъул агьлуги Къуръаналда иман лъоларого, гьелда щакдарун, гьабизе жо лъаларого хут1ун руго.**

وَإِنَّ كُلًّا لَّمَّا لَيُوَفِّيَنَّهُمْ رَبُّكَ أَعْمَٰلَهُمْ ۚ إِنَّهُۥ بِمَا يَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿١١١﴾

**111. Х1акълъунго муъминзабазул ва капурзабазул к1иябго къокъа буго жидер г1амалазе жазаъ гьабич1ого тун ругел ва ахираталда щибго щаклъи гьеч1ого ва щибго жо гъоркье теч1ого гьезул г1амалазе жазаъ гьабизе буго. Х1акълъунго Аллагь жинда лъалев вуго лагъзадерица гьабулеб г1амал.**

Загьирго гьабулеб ва балъго гьабулеб, гьит1инаб бук1а, к1удияб бук1а. Лъик1аб г1амал бугониги, квешаб г1амал бугониги.

فَٱسْتَقِمْ كَمَآ أُمِرْتَ وَمَن تَابَ مَعَكَ وَلَا تَطْغَوْا۟ ۚ إِنَّهُۥ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١٢﴾

**112. Мун Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабулеб г1ибадаталъулъ вит1ун ч1а Мух1аммад** ﷺ **ва дуда Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **амру гьабураб х1алалъ гьесул диналда халкъ ах1е.**

Гьелда сабро гьабе ва гьеб амру т1убаялда даимлъе. **Купру-ширк тун тавбо гьабун дуда нахърилълъарал муъминзабиги ч1а жидеца гьабулеб г1ибадаталъулъ бит1араб нухда ва х1акъаб исламияб диналда.**

**Нужеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **х1укмаби хвезаруге, гьабизе т1адаб,**

**паризаяб жо гъоркьги тоге, гьабизе х1алк1оляреб жо гьабизеянги лъугьунге. Гьесул шарг1иял г1орхъаби ц1уне ва х1арамаб жо гьабуге. Х1акълъунго Аллагь нужеца гьабулеб г1амал жинда бихьулев вуго**. Гьелъие жинца жазаъ гьабизе бугевги вуго.

وَلَا تَرْكَنُوٓاْ إِلَى ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ فَتَمَسَّكُمُ ٱلنَّارُ وَمَا لَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِنْ أَوْلِيَآءَ ثُمَّ لَا تُنصَرُونَ ﴿١١٣﴾

**113. Нужеца рокьа-хинлъи гьабуге Аллагьасул** ﷻ **тушбабаздахун:** залимал ва капурал х1акимзабазда бугониги, гьезул чукъбилъун ругел мунапикъазда бугониги. Гьезда щибго мугъч1вайги гьабуге, божилъиги гьабуге.

**Гьединаб гьудуллъи ва божилъи нужеца гьабуни, нужги жужах1алъул ц1адаре ккезе руго. Ва гьелдаса нуж хвасар гьарулев щивго чиги вук1ине гьеч1о.**

Жив цогояв Аллагь тун нужеца гьудулзабилъун ккурал, вализабилъун ккурал ханзабаз, х1акимзабаз, хъанчаз ва аллагьзабаца нужее кумек гьабизе гьеч1о. **Нуж кидаго нужер тушманасдасаги бергьине гьеч1о, гьездехун нужер дагьабниги гьудуллъи бугони.**

Къуртl1убияс абуна: гьаб аяталда жаниб т1орит1ел буго ва амруги буго г1асияб, пасикъаб агьлу рик1к1ад гьабизе ккеялда, купру-ширкалъул агьлу рихизе ккеялдаги. Гьеб квешаб агьлуялъулгун гьудуллъи ва гьалмагълъи гьаби купру буго: гьеб гьудуллъи бук1унаро рокьа-хинлъи гьеч1они, купру бокьиги купру буго. Хасго дин г1одобег1ан гьабулеб х1алалъ квешаб къавмалдехун гьудуллъи гьабизе бегьуларо.

Залимав чиясул зулмуялдаса нилъго ц1унизе г1оло гьесдехун загьиралда гьалмагълъи гьаби, гьесдаса ракl рик1к1ад бугони, шарг1алъул рухса буго (изно буго) чара гьеч1еб, рес къот1араб заманаялъ.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб машгьаруб х1адисалда буго: *«Г1адамазул бищунго квешав чи вуго жиндир квешлъиялдасаги х1инкъун г1адамаз жив к1одо гьавулев чи»*- абун.

وَأَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَ طَرَفَيِ ٱلنَّهَارِ وَزُلَفًا مِّنَ ٱلَّيْلِ إِنَّ ٱلْحَسَنَٰتِ يُذْهِبْنَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ ذَٰلِكَ ذِكْرَىٰ لِلذَّٰكِرِينَ ﴿١١٤﴾

**114. Дуца какалги рай Мух1аммад** ﷺ, х1укъукъал т1убан ва арканал-шурут1ал камил гьарун, **радал-бакъанида ва сардил г1ужазульги.**

Щуябго паризаяб как бай абураб маг1на буго гьаб аяталъул. Хит1аб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде бугониги, аяталъул х1укму кинабго умматалъе г1аммаб буго. Цо г1алимзабаца абуна гьаб аят миг1ражалда ун паризаял какал т1ад лъеледе решт1араб буго абун.

**Х1акълъунго инсанас гьарурал лъик1ал г1амалаз,** къойил щуго как бай, рамазан моц1алъ к1ал кквей ва цогидалги г1амалаз. **Гьев инсанасул г1исинал мунагьал чурула.** Гьаб дуда гьабураб амру **ваг1за-насих1т ва т1орит1елги буго х1акъаб жо лъазе бокьарал г1адамазе.**

Гьаб нахъе ккараб, пасалъи ц1ик1араб заманаялъ ругел муъминзабазе рек1ел гьей ва рак1 г1одобе биччай буго гьаб (114) абилеб аяталда жаниб. Х1арамаб жоги г1емерлъараб, руччабиги квешлъараб, жидер черхги ццебе лъун щайт1аналда нахърилълъун, гьеб щайт1аналъул кумекчаг1илъун гьел руччаби хьвадараб мехалъ, инсанасул бер ва к1ал мунагьалда ккеч1ого хут1улеб гьеч1о. Гьесул рек1елъги жинда гьукъизе к1оларел хиялал реххулел руго, гьесул напсалъги жиндир т1абиг1ияб, инсанасул ихтиялда гьеч1еб багъари гьабулеб буго.

Гьадинал умурал т1аде рач1араб мехалъ жиндаса к1алалъулниги, бералъулниги, кверalъулниги хат1аълъи ккарав муъминчи гьеб хат1аалда ц1акъ хехго рек1екълъула ва гьес жив хвасарлъизе, тавбо гьабизе нух балагьула. Гьеб нух бицун буго Т1адег1анав Аллагьас гьаб аяталда жаниб ва жинца абулеб буго: «Инсанасул лъик1аб г1амалалъ квешаб г1амал т1аса инабула» абун.

Гьаб аят решт1инабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасг1удица абуна: *«Цо чи вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва гьес абуна: «Я расулаллагьи! Дун шагьаралъул рик1к1адаб раг1алда вук1адго цо ч1ужу г1аданлдаса дие лазат щвана дун гьелдаги хъат1ич1ого. Дун дуда цеве ч1ун вуго дуца Аллагьасул х1укмуялдалъун дие х1укму гьабизе»-абун. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас абуна: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ вахчун тун вук1ун вуго мун, дуцаги мунго вахчун вук1арав ани лъик1аб бук1ана дуе»*-абун. Ай тавбоги гьабун тун бук1араб ани гьеб мунагь загьир гьабич1ого абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьев чиясе жаваб кьеч1о, ва гьев нахъе ун хадуб Т1адег1анав Аллагьас гьаб аят решт1инабуна. Хадув чиги вит1ун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьев чи нахъе вуссинавуна ва гьесие гьаб аятги ц1алана.

Жинда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб х1адисалдада буго: жинда Аллагь разилъаяв амирул муъминина Г1усман асх1абасдаса бицана: *«Гьев Г1усман асх1абас какие чурана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас чурулеб бук1араб х1алалъ, ва гьес абуна: «Дида Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг какие чурулев вихьана гьаб дица чурараб х1алалъ ва хадуб жинцаги абуна:*

*гьаб х1алалъ какие чурарав чи, цинги жинца к1иго ракаг1ат какги барав рек1елъ хъулухъ гьеч1ел пикраби риччач1ого, гьев чиясул церехун гьарурал мунагьал чурила»-* абун.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Т1адег1анав Аллагьас нужеда гьоркьор т1абиг1ат-г1амалги бикьун буго, ризкъи бикьун бугеб х1алалъ. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб дунял кьола жиндие вокьарав чиясеги, вокьич1ев чиясеги, ва амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дин кьоларо (иманалда т1овит1уларо) жиндие вокьарав чи гурони. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие дин кьурав чи гьесие вокьарав чи вуго. Дун дир напс жиндир кодоб бугеб Аллагьасул ц1аралдалъун гьедулев вуго: жиндир рак1ги мац1ги Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мут1иг1лъич1ев чи бусурманчи гьеч1о. Жиндир квешлъиялдаса мадугьал аманалда (божиялда) гьеч1ев чи жинца иман лъуравги гьеч1о, инсанас х1арамаб боц1и данде гьабун гьеб напакъаде ва лъик1аб нухалда кьуна абун гьесие баракат бахунаро. Гьеб садакъаде кьуни Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабулги гьабуларо. Жинца гьеб х1арамаб боц1и жив хун хадуб тараб мехалъ жиндие жужах1 боркьиялъе сабаблъун гурони гьеб батуларо. Т1адег1анав Аллагьас цо квешаб г1амалалдалъун цоги квешаб г1амалалъул мунагь чуруларо. Квешлъиялъул мунагь лъик1аб г1амалалъул кириялъ т1аса инабула. Хъубаб, чорокаб жоялдалъун хъублъи бац1ад гьабуларо»-* абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузаридаса бицараб х1адисалда буго. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Мун Аллагьасдаса х1инкъа кив вугониги. Цо квешлъи гьабураб мехалъ гьелда хадуб лъик1аб г1амал гьабе, лъик1аб г1амалалъ гьеб квешлъи т1аса инабула. Дуца г1адамазулгун бищунго лъик1аб т1абиг1ат- г1амал хьвадизабе»-* абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цо лъик1ал чаг1азул хабаралъульги буго: к1иго гьалмагъ нухда унаго гьезда аск1оса ана жинда т1ад пихъил гьагьал лъураб х1айван. Гьав к1иясулго цояс гьеб гьагьиниб квер бегьун, гьениса босун пихъ жиндир кисиниб лъуна. Жинца гьеб пихъалъул бет1ергьанасдаса балъго, гьесдаса х1алаллъиги т1алаб гьабич1о. Дагьалги хьвадун церехун унаго гьезда данде ккана цо пакъирав чи, жинца садакъа гьарулев. Дов гьалмагъас кисиниса къват1ибги бахъун жинца изну гьеч1ого босараб пихъ кьуна гьев пакъирав чиясе. Гьеб ишалъ г1ажаиблъизе гьавурав гьалмагъас абуна: «Дида дуца гьабураб иш бич1ч1ич1о! Цин дуца изну гьеч1ого чияр пихъги босун х1арамаб жо гьабуна, гьанже гьеб х1арамаб нухда босараб жо садакъаялъеги кьуна» абун.

Дос абуна: «Дуда раг1ич1ищ лъик1аб г1амалалъ квешлъи т1аса

инабула абун: дица изно гьечlого босараб жо пакъирчиясе кьураб мехалъ дида тlад мунагь хутlуларо» абун. Цинги гьалмагъас абуна: «Вай дуда Аллагь гурхlаяв! Дуда лъаларищ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вацlадав вукlин, гьес бацlадаб жо гурони къабул гьабулареблъиги. Хlарамаб боцlи кьун садакъа лъугьунаро. Бокьун мунагь гьабизеги бегьуларо, гьеб хадуб тавбо гьабун, лъикlаб гlамал гьабун тlаса ине гьабила абун. Лъикlаб гlамалалъ тlаса инабулеб квешлъи буго хатlаълъун, кlочон, гъапуллъун, щайтlаналъ, гьава-напсалъ гуккун ккараб мунагь» абун.

وَٱصۡبِرۡ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجۡرَ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ﴿١١٥﴾

**115. Дуца саброги гьабе Мухlаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, гьел мушриказдаса дуде щолеб къварилъиялда. **Хlакълъунго Аллагь жидеца иманлъун лъикlаб гlамал гьабулел гlадамазе квербакъи гьабулев вуго ва жинца гьезул ажро мукъсан гьабуларев, гьезул гlамал гlадада хвезабуларевги вуго.**

فَلَوۡلَا كَانَ مِنَ ٱلۡقُرُونِ مِن قَبۡلِكُمۡ أُوْلُواْ بَقِيَّةٖ يَنۡهَوۡنَ عَنِ ٱلۡفَسَادِ فِي ٱلۡأَرۡضِ إِلَّا قَلِيلٗا مِّمَّنۡ أَنجَيۡنَا مِنۡهُمۡۗ وَٱتَّبَعَ ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ مَآ أُتۡرِفُواْ فِيهِ وَكَانُواْ مُجۡرِمِينَ ﴿١١٦﴾

**116. Нужедаса цере рукlарал умматазда гьоркьор рукlаралани жидер гlакълоги бугел, гlилмуги бугел, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **хира гьарурал, жидеца ракьалда пасалъи гьабиялдаса нахъчlвалел гlадамал;-** Гьел гlадамал рукlинчlо ва гьел умматал дица гьалаг гьаруна, **дица хвасар гьарурал, дагьалго гlадамал хутlизегlан**. Гьел рукlана аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ ва гьезда нахърилълъарал муъминзаби. **Жидеца напсазе купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гlадамал нахърилълъана дунялалъул боцlи-мал бокьиялда, чорхое бокьараб жо гьабун гьава напсалъул ва щайтlаналъул мурад тlубаялда. Ва гьел гlадамал рукlана жал мунагьазда ва гlасилъаби гьариялда тlадчlарал.**

وَمَا كَانَ رَبُّكَ لِيُهۡلِكَ ٱلۡقُرَىٰ بِظُلۡمٖ وَأَهۡلُهَا مُصۡلِحُونَ ﴿١١٧﴾

**117. Дур Бетlергьан Аллагьасул гlадат гьечlо Мухlаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**, жинца росабазул ва шагьаразул агьло гьалаг гьабулеб, гьел гlадамал лъикlалги рукlун.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ зулму гьабуларо ва жал гьалаг гьарулел гlадамал рукlуна капураб, зулму ва пасалъи гьабулеб къавм.

وَلَوۡ شَآءَ رَبُّكَ لَجَعَلَ ٱلنَّاسَ أُمَّةٗ وَٰحِدَةٗۖ وَلَا يَزَالُونَ مُخۡتَلِفِينَ ﴿١١٨﴾

**118. Тlадегlанав Аллагьасе бокьарабани гьес киналго гlадамал гьарилаан цохlо иман лъураб умматлъун.**
Жал исламияб диналда тlоритlарал ва

Аллагь разиял г1адамаллъун. Кинниги, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъзал тун руго жидеца т1аса бищараб г1амал гьабизе ва гьел х1ал гьабун иман лъеялда рачун гьеч1о. **Гьадин бугелъул гьел г1адамал кидаго хилиплъун рук1уна ва цоял иман лъурал цоял капурал рук1уна.** Гьелдаги т1ад бат1и-бат1ияб, бат1улаб дин гьабулел рук1ула, ахираталда жидее щибго мунпаг1ат гьеч1ел гьел диназул: ягьудиял, насраниял, мажусал ва цогиги г1емер бат1ибат1иял къокъаби.

إِلَّا مَن رَّحِمَ رَبُّكَ وَلِذَٰلِكَ خَلَقَهُمْ وَتَمَّتْ كَلِمَةُ رَبِّكَ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ ﴿١١٩﴾

**119. Дур Аллагь жидеда гурх1арал муъминзаби руго бит1араб диналда ч1арал, жал хилиплъуларел г1адамал. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **г1адамал рижун, гьаб дунялалда хьвадизе жал теялъул х1икматги гьеб буго:**

жидее бокьараб жоялда хьвадизе риччай, х1ал гьабун цо диналда ч1ч1езе гьарич1ого. Ахираталда цо къокъа алжаналда ине ва цоги къокъа жужах1алдаги ине. Гьеб жужах1алда унеб къокъа ц1акъ к1удияб буго. Гьедин бугелъул Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **Дур Бет1ергьанас гьабун т1убан бугеб х1укму-къадар ва къот1и буго: жинца жужах1 ц1езабилин абун киналниги г1адамазулги жундузулги капурзаби жанир рехун.**

وَكُلًّا نَّقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ أَنبَاءِ الرُّسُلِ مَا نُثَبِّتُ بِهِ فُؤَادَكَ وَجَاءَكَ فِي هَٰذِهِ الْحَقُّ وَمَوْعِظَةٌ وَذِكْرَىٰ لِلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٢٠﴾

**120. Дица дуда рицарал гьал киналго къиссаби руго Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, ццересел аварагзабазул** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **ва гьезул умматазул къиссаби. Гьел рицун дур рак1 парахат гьабизе.**

Гьел аварагазабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда жидер къавмал ах1улаго щвараб зах1малъи дуда лъараб мехалъ, гьез гьабураб саброги лъараб мехалъ, мунги гьезда нахъвилълъине ва дуда данде гьабулеб мушриказул тушманлъи цо дуе гьабураб жо гьеч1еблъи лъан, дуца гьелда саброги гьабизе.

**Ва духъе бач1ана гьал къиссабазда жаниб бугеб х1акъаб хабарги, жинда жаниб бат1улаб ва гьересияб жо гьеч1еб. Гьезда жаниб дур умматалъе ваг1заги буго муъминзабазе пикру гьабизе ва г1ибрат босизе насих1атги буго.**

وَقُل لِّلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ اعْمَلُوا عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنَّا عَامِلُونَ ﴿١٢١﴾

**121. Жидеца иманги лъоларел дуда нахъги рилълъунарел мушриказда дуца абе Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Нужеца г1амал гьабеха нужерго нухда ч1ч1ун.**

Купру-ширк гьабун. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъун, ракьалда т1ад

зулму ва пасалъи гьабун.
**Нижги нижер исламияб диналда ч1ч1ун, Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруялда нахърилълъун г1амал гьабулел руго.**

وَٱنتَظِرُوٓاْ إِنَّا مُنتَظِرُونَ ﴿١٢٢﴾

**122. Нужги балагьун ч1а щиб къодай нужеда бихьула абун ва нижги балагьарал руго гьеб г1азаб кидадай нужеда щвела»-абун.** Цоги маг1на буго: нижее кколеб жоялда нуж ралагьун ч1а, нужее кколеб жоялда нижги балагьун ч1ун руго абун.

وَلِلَّهِ غَيْبُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَإِلَيْهِ يُرْجَعُ ٱلْأَمْرُ كُلُّهُۥ فَٱعْبُدْهُ وَتَوَكَّلْ عَلَيْهِ ۚ وَمَا رَبُّكَ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿١٢٣﴾

**123. Т1адег1анав Аллагьасе буго зобал-ракьалда жаниб бугеб балъгояб (гъаибаб) жоялъул лъай ва ихтияр.** (<u>Гъаибаб жо абула:</u> ццебе араб яги нахъе бач1унеб жоялда, жиб рик1к1адаб, жиб лъалареб жоялдаги). **Кинабго жоялъул амру ва х1укму Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **буссунеб буго. Нужеца лагълъи гьабе гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ ва нуж гьесдаса х1инкъа. **Нужеца таваккалги т1аме жив цогояв Аллагьасда. Ва дур Бет1ергьан Аллагь гьеч1о Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, **нужеца гьабулеб г1амал жинда лъаларев, гьелдаса жив гъапулав.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Гьудалъул
тафсир ва таржама хъван т1убана.
Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 12. Сурату Юсуф

سُورَةُ يُوسُفَ

*Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила цо аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жаниб бищунго кIудияб бакI кколеб буго ЯгIкъубил вас Юсуф аварагасул къисаялъ. Сурат рештIинабуна гьев Юсуфиде данде чIварал гIемерал къварилъаби рицун, гьезда Юсуфица гьабураб саброги бицун, гьелдалъун МухIаммад аварагасул ﷺ ракI гъезабизе ва гьев авараг ﷺ ракI гIодобе биччан, паракъалъун вукIизе.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв Юсуф аварагасдаги عَلَيْهِ السَّلَامُ гIемер къварилъаби рихьана, гьев гьитIинго вугеб къоялдаса байбихьун. Жиндирго вацаз гъуялда жаниве рехана, хадув лагъ гIадин гьев цо нухлулазе вичана. Мисриялъул гIазизица (хIакимас) вичун восун гьесул рукъов вукIаго гьесул чIужуялъул хIиллаялдалъун туснахъ гьавун гIемераб заман гьенибги бана. Хъизаналда жаниб цо лъимер цогидаб лъимералдаса цикIун бокьараб мехалъ гьелдалъун цогидал лъималазул рекIелъ хIалхъублъи лъугьулеб букIиналда ва гьелда тIад цIакъ батIи-батIиял асарал рачIине бегьиялда кантIизарулел руго Юсуф аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисаялъ.*

*Гьаб сураталъул цIакъ берцинаб, хIеренаб, тамахаб мацI буго ва цIалун чIалгIунареб пасихIаб ва ракI тамах гьабулеб хабарги буго. Инсанасде рачIунел киналго хIалал рицун руго ва гьел хIалал цIалулеб мехалъ цIалулев чиясда жиндаго гьеб кинабго бихьулеб ва рагIулеб бугеб гIадаб асар лъугьуна. Гьениб жаниб гурхIел-рахIмуги буго, ракIкъварилъи-пащманлъиги буго, рекIелгъей-роххелги буго, рокьа-хинлъи ва напсалъул къасдал-анищалги руго.*

*Халид ибну МагIданица абуна: «Сурату Юсуф ва сурату Марьям буго алжаналъул агьлуялъ жиб цIалун ва жинда гIенеккун лазат босулеб нигIмат» – абун. ГIатIаъ абулев гIалимасги абуна: «Гьаб сурату Юсуф цIалулеб жинда рагIарав чиясул пащманлъи тIаса уна» - абун. ТIадегIанав Аллагьас жинцагоги абулеб буго: «Дица дуе бицине буго бищунго берцинаб къиса» - абун.*

*Цогидал аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисаби чанго сураталда такрар гьарун рицана. Гьеб буго Къуръан жинца гIажиз гьарулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букIиналда тIоритIел гьабиялъе, гьелъул пасихIлъи ва гъварилъи бихьизабиялъе бугеб. Гьаб къиса цохIо нухалъ бицана ва*

гьединги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ баян гьабуна жиндир каламалъул камиллъи, гьелда къец гьабун чи бергьунареблъи.

Гьаб сурат рещтIинабуна (сурату гьудалда) хадуб. Гьеб заманги букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг бищунго захIматаб ва ракI къваридаб хIалалъ вугеб. Гьесул лъималазул эбел ва гьесие гIемер квербакъарай, гьесие йокьулей чIужу Хадижат хвараб сон букIана гьеб. Гьединго гьеб соналъ хвана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг цIунун, гьесул рахъккун къурайшиял хIинкъизарун вукIарав гьесул инсул вац АбутIалибги. Къурайшияз бетIер эхеде борхараб, аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ хIилла-макру гьабизе гьел ургъулеб заман букIана. Гьаб хIалалда авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вукIаго гьесда суратул Гьуд ва суратул Юсуф рещтIинабуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ: цогидал аварагзабаздаги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ бихьана къварилъи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рисалат халкъалъухъе щвезабулаго, гьезги сабру гьабуна, дуцаги сабру гьабе абураб магIнаялда, аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ракI хIалхьезабизе.

Сураталда жаниб аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бичIчIизабулеб буго кинабго къварилъиялда хадуб г1ат1илъи бук1унеблъи, кинабго пащманлъиялда хадуб роххел бук1унеблъиги, заг1иплъи, х1алдагьлъиялда хадуб къуватги бергьенлъиги бук1унеблъи. Сабру гьабурав чи вахунеб т1адег1анаб макъам баян гьабун, туснахъалда жаниве рехxун, жив к1очон тун вук1арав Юсуф Мисриялъул г1азизлъун ккей бицун буго. Аллагьасул диналъе г1оло, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, гьесул г1азабаздаса х1инкъун х1арамаб, къабих1аб жо тараб мехалъ, дунялалдаго инсан т1адег1анлъулеб куцги баян гьабун буго. Муъминзабазе ц1акъ г1емераб ваг1за ва г1ибрат буго гьаб сураталда жаниб.

Сураталъул бищун к1вар бугеб масъала бугин абизе бегьула инсанасул вац1ц1алъи, гьес жиндир къадру ц1уни, гьесул хиянат гьеч1олъи бук1ине ккей баян гьаби ва гьединав инсан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ т1адег1ан гьавун, халкъалдаса т1ок1 гьавун дунялалда к1одо гьавулеблъиги баян гьаби. Гьесие ахираталда абадиял ниг1матал рук1инги щибго щаклъи гьеч1еб амру буго.

Хасго Аллагьасул диналда халкъ ах1улел, гьезда бит1араб нух бихьизабулел даг1ватчаг1азе мунпаг1ат бугеб, гьез цогидал муъминзабазе бицине ва лъазабизе мустах1икъаб хабарги буго гьаб сураталъул.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги лъик1аб жоялда г1енеккизе ва гьелъул ваг1за босизе. Дурго ц1об-рах1маталдалъун дуца ниж мун разияб г1амал гьабизе т1аме, Бет1ергьан Аллагь!

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

الٓرۚ تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱلْكِتَٰبِ ٱلْمُبِينِ ﴿١﴾

1. **Алиф Лам Ра,** гьал хIурупазул магIна ва гьездалъун бугеб мурад ТIадегIанав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала.

Жидедаса Къуръан данде гьабурал хIарпаздаса руго гьел. Гьеб Къуръан жинца инсан гIажиз гьавулеб, жинда релъараб жо лъидаго гьабизе кIвечIеб букIиналда ишараги буго. **Гьал дуда рещтIинарурал аятал руго, МухIаммад, жинца гIажиз гьарулеб, жиндир магIна гъваридаб, мацI пасихIаб Къуръаналъул аятал.** Жинда жаниб батIулаб жо гьечIеб, жиндир хIукмаби баянаб, жиндир хабарги ритIухъаб.

إِنَّآ أَنزَلْنَٰهُ قُرْءَٰنًا عَرَبِيًّا لَّعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٢﴾

2. **Х1акълъунго Дица гьаб Къуръан рещт1инабуна г1араб мац1алда ц1алулеб т1ехьлъун,** г1араб х1арпаз жиб хъвараблъунги, **нужеда бич1ч1ине гьаб калам инсанас данде гьабураб жо гьеч1еблъи.**

Жинца г1адамал г1ажиз гьарулеб калам гьаб бук1ин лъараб мехалъ, гьаб каламалъул бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1инги лъазе ва гьесда иманги лъезе.

Ибнукасирица абуна: г1араб мац1 буго бищун пасих1аб, жиндир маг1на лъик1 баянаб, гьелдалъун бицараб жо рак1алда ч1олеб. Гьедин бугелъул киналго т1ахьазул бищун хирияб Къуръан рещт1инабуна бищун хирияб мац1алда, бищунго хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва бищунго хирияб ракьалда – Маккаялда. Гьеб т1ехь босун вач1арав расул – Жабраилги вук1ана бищунго хирияв малаик. Къуръан рещт1инабиги байбихьана хирияб Рамазан моц1алъ. Уммат жинда х1ажалъулеб кинабго жо баян гьабун, бицун т1убазеги гьабуна, гьелъул х1акъалъулъ аятги рещт1инабуна: «Жакъа нужее дица дин камил гьабуна» - абун.

Гьаб хадуб бугеб аят рещт1инабиялъе сабаб бицун, Ибнуг1аббасица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: хириял асх1абзабаца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «Я расулаллагь! Дуца нижее цо къиса бицинарищ?» - абун. Цинги Т1адег1анав Аллагьас гьаб аят рещт1инабуна ва жинца абуна:

نَحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ أَحْسَنَ ٱلْقَصَصِ بِمَآ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانَ وَإِن كُنتَ مِن قَبْلِهِۦ لَمِنَ ٱلْغَٰفِلِينَ ﴿٣﴾

3. **Дица дуда бицина, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, къиссабазул бищунго берцинаб къисса, дуда гьаб Къуръанги вах1ю гьабун бугелъул. Гьалде цеве мунги вук1ана, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дуда**

**гьабги, цогидал аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къиссабиги лъаларевлъун,** гьезул пикру гьабуларев ва гьезда х1ажат гьеч1ев.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун кинабго г1аламалъул авараглъун صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьавидал, дур динги киналго динал хвезарулеб бугелъул, гьаб хирияб Къуръанги ахир къиямасеб къо ч1езег1ан кинабго иман лъураб исламияб агьлуялъул шарг1 бугелъул, гьалда жанир рицун руго умматалъе г1ибратлъун, дуе рек1елгъейлъун, щцересел аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва гьезул умматазул къиссаби.

إِذۡ قَالَ يُوسُفُ لِأَبِيهِ يَٰٓأَبَتِ إِنِّي رَأَيۡتُ أَحَدَ عَشَرَ كَوۡكَبٗا وَٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَ رَأَيۡتُهُمۡ لِي سَٰجِدِينَ ٤

4. **Дуца дур асх1абзабазе бице, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Юсуф аварагасул къисса. Юсуфица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир эмен Яг1къубида عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абураб г1уж бице: «Я дир эмен!** Дида г1ажаибаб макъу бихьана. **Дида бихьана анци1ла цо гвангъараб, канч1аб ц1ваялъ дида цебе сужда гьабулеблъун. Гьединго бакъги моц1ги бихьана дие сужда гьабулеблъун» - абун.**

Ибнуг1аббасица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ абуна: «Аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ макъу Аллагьасул вах1юялдалъун бук1уна» - абун. Гьаб макъу бихьулеб мехалъ Юсуфил анц1ила к1иго сон бук1ана. Гьев жеги авараг вук1инч1елъул, гьесул макъуялда карамат абула. Анц1ила цо ц1ваялъе маг1на гьабуна Юсуфил анц1ила цо вац вуго абун. Бакъги моц1ги Юсуфил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ эбел-эмен руго абуна. Юсуф аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьеб макъу бихьаралдаса хадуб гьевги, гьесул вацал ва эбел-эмен Мисриялда данделъизег1ан гьоркьоб ана к1икъого сон. Ай к1икъого соналдаса хадуб т1убана Юсуфида бихьараб макъу.

Юсуф عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул х1акъалъулъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьев вуго жив хирияв, жив хириясул вас, гьевги жив хириясул вас»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана. Ай Ибрагьим аварагасул вас Исх1акъил вас Яг1къубил вас Юсуф вуго гьев. Г1ибранияв, Канг1анияв, гьанжеялдаса 3700 соналъ щцере Шамалъул ракьалда жал рук1арал.

قَالَ يَٰبُنَيَّ لَا تَقۡصُصۡ رُءۡيَاكَ عَلَىٰٓ إِخۡوَتِكَ فَيَكِيدُواْ لَكَ كَيۡدًاۖ إِنَّ ٱلشَّيۡطَٰنَ لِلۡإِنسَٰنِ عَدُوّٞ مُّبِينٞ ٥

5. **Инсуца Юсуфида عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир вас, дуца гьеб макъу дур вацазда бицунге. Гьез дуе цо макру гьабизе бегьула ва мун гьалаг гьавизе х1илла ургъизеги бегьула. Х1акълъунго щайт1ан инсанасул загьираб, х1акъаб тущман буго.**

Гьелъ щиб нух балагьунги инсанасе зарал гьабич1ого толаро.

Яг1къуб аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ бич1ч1ана Юсуфида عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ бихьараб макъу

гьесие Аллагьасул جل جلاله рахъалъан къадру к1одолъи ва аваралъи кьеялда ишара бук1ин. Гьесие г1елму кьун, бечелъи кьун жив дунялалдаги ахираталдаги Аллагьас جل جلاله хира гьавизе вук1иналда ишара бук1инги. Вацазда гьеб макьу бицани, гьездаги макьуялъул маг1на бич1ч1ун, гьез Юсуфида عليه السلام х1алхъублъи гьабизе бегьила абун абуна Яг1къубица гьеб макьу вацазда бицунге абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеда макьилъ бихьараб мехалъ жиндие бокьулеб, лъик1аб жо, жинца гьеб бице жиндир божарал г1адамазда. Квешаб жо макьилъ бихьараб мехалъ жив цоги хьибилалда сверун вега, Аг1узубиллагьи минащайт1ани ражимги абе, квег1исан лъабго нухалъ х1ац1уги туй. Гьеб макьу лъидаго бицунге. Цинги гьесие гьеб макьуялъул зарал бук1ине гьеч1о»* - абун. Ибну Касирица х1адис кьуч1аблъун бицана.

Хадубги Юсуфида Яг1къубица абуна:

وَكَذَٰلِكَ يَجْتَبِيكَ رَبُّكَ وَيُعَلِّمُكَ مِن تَأْوِيلِ ٱلْأَحَادِيثِ وَيُتِمُّ نِعْمَتَهُۥ عَلَيْكَ وَعَلَىٰٓ ءَالِ يَعْقُوبَ كَمَآ أَتَمَّهَا عَلَىٰٓ أَبَوَيْكَ مِن قَبْلُ إِبْرَٰهِيمَ وَإِسْحَٰقَ ۚ إِنَّ رَبَّكَ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٦﴾

**6. Дуда гьаб макьу бихьараб г1адин Аллагьас جل جلاله мун т1аса вищизе вуго аваралъи кьеялъе, гьединго Аллагьас جل جلاله дуда лъазабизе буго макьуялъул маг1на бич1ч1улеб г1елму.** Цоги маг1на гьабуна: **Аллагьас جل جلاله дуда лъазабила ццересел умматазул къиссаби, гьезул т1ахьазда хъвараб г1елму ва х1акъаб жо босизе к1олеб г1акълуги кьела, Аллагь جل جلاله цо вук1иналъе далил бачун г1адамал мук1ур гьарулеб х1ужжаги кьела. Аллагьас جل جلاله жиндир ниг1мат т1убазабизе буго дуеги ва дур эмен Яг1къубил лъимал-хъизамазеги, гьезул наслуялъеги. Аллагьас جل جلاله гьеб ниг1мат т1убазабураб г1адин дур ццересел умумузе Ибрагьимие ва Исх1акъие.**

Т1адег1анав Аллагьас нилълъер умумул гьаруна аварагзабилъун, халкъ диналде ах1улел расулаллъун. Гьеб ц1акъ к1удияб ниг1мат буго Аллагьас جل جلاله жиндие рокьаразе ва жинца т1аса рищаразе гурони жиб кьолареб. Гьединго Аллагьас جل جلاله мун ва дур хадусел лъималги гьаризе руго аварагзабилъун.

**Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь жинда лъалев вуго аваралъи лъихъе кьелеблъи ва жиндир халкъалъул тадбир гьабиялъулъ ц1акъ г1адлу бит1арав х1акимги вуго.** Аллагьасул جل جلاله г1елму лъай жиндие щибго г1орхъи гьеч1еб буго, Аллагьасул г1амал-пишаги жинда жаниб маслах1ат ва х1икмат бугеб буго. Жиндир лагъзадерил щивав чи щиб ишалъе бегьулевлъи лъан гьабула Аллагьас جل جلاله гьеб

халкъалъул тадбир.

**7. Хlакълъунго гьав Юсуфил ва гьесул вацазул къиссаялъулъ гlемер мунпагlат буго ва вагlза-насихlат, гlакъло буго, гьезул хабар лъазе бокьун, гьелдаса бицен гьабулел ва гьелда гlенеккулел гlадамазе.**

۞لَّقَدْ كَانَ فِي يُوسُفَ وَإِخْوَتِهِۦٓ ءَايَٰتٌ لِّلسَّآئِلِينَ ٧

Хирияб Къуръаналъул киналго къиссаби руго жидеда жаниб вагlза-насихlат ва гlибрат бугел. Тlадегlанав Аллагьас мунпагlат гьечlеб жо гьабуларо ва бицунаро. Амма Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасулги гьесул вацазулги къисса буго пикру гьабулел, жо бичlчlулел гlадамазе гlемер батlи-батlияб гlакълу ва магlна жинда жаниб бугеб.

**8. Юсуфил вацаз абуна: «Валлагьи, гьав Юсуфги عَلَيْهِ السَّلَامُ гьасул эбел цадахъав вац Биняминги гlемер вокьулев вуго нилълъер эмен Ягlкъубие. Нилълъ руго гьездаса кlудиял, чорхол къуватги бугел, бокьараб жо гьабизеги кlолел ва инсуе мунпагlат бугел гlолохъабазул жамагlат».**

إِذْ قَالُواْ لَيُوسُفُ وَأَخُوهُ أَحَبُّ إِلَىٰٓ أَبِينَا مِنَّا وَنَحْنُ عُصْبَةٌ إِنَّ أَبَانَا لَفِي ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ٨

Анцlго вац вукlана гьел эбел-эмен цадахъал. Юсуфил ва Биняминил эбел батlияй йикlана ва гьав кlиявго бищунго гьитlиналги рукlана.

Эбел-инсул ракl гурхlел-рахlму бугеб жо бугелъул, гlадатлъун бугеб жо буго гьезие гьитlинал лъимал цlикlкlун рокьулеблъи ва гьездехун бербалагьи гlемер букlунеблъиги. Цогидаб рахъалъан эбел-инсуе лъимал киналго цохlо хlалалъ рокьула ва цониги лъимер «гьаб лъимер дие хlажат гьечlо» - абун рокъоса къватlибе гъолеб, гlарцухъ бичулеб, яги гьадинго цогидазе кьолеб букlунаро.

Гьединго лъимал кигlан гlемер ругониги, яги цо-кlиго гурони гьечlониги, гьездехун бугеб рокьиги батlияб букlунаро: щибаб лъимер хасаб рухl ва напс бугелъул, гьеб щибалъе хасаб хасият, тlабигlат-гlамал букlуна ва гьелдалъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ эбел-инсул рекlелъ гьел лъимал рокьи бижун буго.

Муъминчи гъапуллъизе бегьулареб бакl буго: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тlалаб гьабулев, гьев вокьулев ва гьесда тавакал тlамун ва мугъчlван вукlунев чиясе цохlо лъимер бугониги, кигlан гlемер ругониги гьел дунялалъул рокъор дагьабго заманаялъе рекlелгъеялъе ругел руго, цогидаб боцlи-малалда релъун. Гьел лъимал кьурав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кlола гьел цохlо къоялъ нахъе рачинеги. Гьадин бугелъул гlемер лъимал руго абун гьездаса чlухlун вукlин, яги гьезда мугъчlван вукlин гlакъилав, иман камилав чиясул гlамал гьечlо.

Юсуфил вацаз хадубги абуна: **«Х1акълъунго, нилълъер эмен ц1акъ мекъи ккарав вуго Юсуфги Биняминги г1емер рокьиялдалъун».**

ٱقْتُلُوا۟ يُوسُفَ أَوِ ٱطْرَحُوهُ أَرْضًا يَخْلُ لَكُمْ وَجْهُ أَبِيكُمْ وَتَكُونُوا۟ مِنۢ بَعْدِهِۦ قَوْمًا صَٰلِحِينَ ﴿٩﴾

**9. Нужеца гьав Юсуф ч1вай, яги гьев цо рик1к1адаб ракьалде щвезаве. Цинги эмен нужеде вуссине вуго ва гьесие нуж рокьизе руго.**

Гьев Юсуф цеве вук1адго гьесда цоги чи вихьулев гьеч1о ва гьев вокьиялъ инсуда нилълъ к1очон тун руго. **Юсуф ч1ван худуб, яги гьев рик1к1адаб бак1алде щвезавун хадуб нужеца тавбу гьабила ва нуж лъик1ал чаг1илъунги рук1ина.**

Бокьун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъизе ва х1арамаб, квешаб иш гьабизе, хадуб тавбу гьабизе къасд гьабуна гьел вацаз. Гьаб буго шарг1алда ц1акъго х1арам гьабураб пиша. Щайт1аналда ва жидерго гьаванапсалда г1енеккун рук1иналъул, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ к1очон вук1иналъул г1аламат буго гьеб. Гьаб аяталда жаниб ва хадусеб аяталда абулеб буго: «Нужеца, нуж, нужер» – абун. Гьалъул маг1на буго Юсуфил вацал цоцаздехун ургъулел, цо иш данде балел рук1ин. Нужеца, нуж абураб раг1и гьаниб нилълъеца, нилълъ абураб маг1наялда буго. Гьедин гьеч1они гьездехун хит1аб гьабулев, амру гьабулев цоги чи вук1ине ккола, гьедин бугин абун абулел тафсиралъул г1алимзабиги гьеч1о.

قَالَ قَآئِلٌ مِّنْهُمْ لَا تَقْتُلُوا۟ يُوسُفَ وَأَلْقُوهُ فِى غَيَٰبَتِ ٱلْجُبِّ يَلْتَقِطْهُ بَعْضُ ٱلسَّيَّارَةِ إِن كُنتُمْ فَٰعِلِينَ ﴿١٠﴾

**10. Гьел вацаздаса цо вацас абуна:** гьав вук1ана гьезул бищун к1удияв «Ягьуза» абулев вац. Гьаб буго жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасил раг1и. Къатадатица абуна: гьев вацасул ц1ар бук1ана «Рубайла» абун. Мужагьидица абуна гьесул ц1ар «Шамг1ун» бук1ана абун.

Г1алимзаби гьев вац щив вук1арав абун хилиплъиялъе сабаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб ц1ар бицун гьеч1еблъи. Цересел т1ахьаздаса хабар бицунел г1адамаз бицараб жоялдалъун хилиплъана гьев вац щив вук1арав абураб раг1иялъулъ. **Нужеца Юсуф ч1ваге.** Гьеб г1емерго к1удияб мунагь буго, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъунеб пишаги буго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бокьун чи ч1варав чиясул тавбо къабул гьабиги ц1акъ божизе зах1матаб иш буго.

**«Нуж гьев Юсуф عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ инсудаса ват1а гьавизе ургъун ратани, ва гьеб иш гьабич1ого телариланги ратани, нужеца гьев реххе цо гъваридаб гъуялда жанив, ва гьенив гьевги тун нахъ русса. Сапаралъ унел г1адамал т1аде ккун, гьез Юсуф гъуялъуса**

**къватlив вахъун жалгун цадахъ рикlкlадаб ракьалда вачина ва нужер мурадги тlубала»-абун.**

Мухlаммад ибну Исхlакъ абулев гlалимас абуна: цlакъ кlудияб амру гьабиялда къасд гьабуна гьел вацаз. Чанго батlияб кlудияб мунагь буго гьез жидер напсалда тlад босизехъин. Бищун щцебесеб буго гурхlел-рахlмо къотlизаби. Жидер вац жидерго квераздалъун чlвазе ургъи щибго гурхlел-рахlмо гьечlеб иш буго.

Кlиабилеб буго эбел-инсуе квешлъи гьаби; жидее бокьараб лъимер тlагlараб мехалъ гьезда чlолеб къо, гьезул реклел бакъвай, чара тlагlиялъул халго гьабулеб гьечlо гьал ахlмакъал васаз.

Лъабабилебги буго, щибго жинда мунагь гьечlеб гьитlинаб лъимералъе зулму гьаби. Яхl-намусалъги, бахlарчилъиялъги къабул гьабулареб квешаб, къабихlаб гlамал буго гьеб.

Ункъабилеб буго цо-цазе рокьарал кlиго чи цо-цаздаса ватlа гьави, гьел цо-цазде щвезе гьукъи.

Щуабилеб буго: гьитlинасул гьитlинлъиялда ва кlудияв, херав чиясул кlодолъиялда гурхlун гутlи, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ авараг Ягlкъубие عَلَيْهِ السَّلَامُ зулму гьабулеб буго жиндир васалаз гьев загlиплъарав, кlодолъарав чи вугеб мехалъ гьесда кодосан гьесул реклел гьейлъун вугев гьитlинаб лъимер Юсуфги вахъун, гьеб лъимерги эбел-инсул гурхlелалда ва цlобалда хlажатаб букlаго.

Гьал гlемерал кlудиял мунагьал бокьун гьаризе къасд гьабигун цадахъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидедаса тlаса лъугьила ва гьев гурхlила абун хьулги лъун буго гьел гlолохъабазул. Субхlаналлагь! Аллагь جَلَّجَلَالُهُ Вацlадав ва Тlадегlанав вуго. Жиндир гlажаибаб гурхlелалдалъун хlакъикъаталдаги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхlун, гьес Ягlкъубил реклелъе гурхlел реххун, гьев жинда гьаризе виччан, ахиркъадги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тlаса лъугьана гьел гlолохъабаздаса. Гьаб хабар буго къиссаялъул ахиралда бугеб ва амма Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахlматалда хьул лъун, хадуб букlинесеб жо лъаларого, гьаб бакlалда гьаб гурхlелалъул бицен гьабуна.

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхlараздаса ратаги нилълъ киналго.

قَالُواْ يَٰٓأَبَانَا مَا لَكَ لَا تَأْمَ۬نَّا عَلَىٰ يُوسُفَ وَإِنَّا لَهُۥ لَنَٰصِحُونَ ﴿١١﴾

**11.** Гьаб цебехун рехсараб жоялдаги ургъун, гьеб гьабизе ният-къасдги гьабун, Ягlкъуб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ васал гьесда щцере рачlана ва гьез абуна:

**Я нижер эмен! Мун щай божуларев Юсуф нижгун цадахъ вукlиналда** ва нижеца гьесул милат гьабиялда. Гьев нижер вац вугелъул **нижеца гьесул тlалаб гьабила ва гьесда щибго зарал**

**бугеб жо щвезе теларо.**

**12. Дуца гьев вит1е метер нижгун цадахъ х1алхьи гьабизе ва чан гьабун, чуял рекеризарун, рек1ел гъей гьабулеб мехалъ нижеда цадахъ вук1ине.**

أَرْسِلْهُ مَعَنَا غَدًا يَرْتَعْ وَيَلْعَبْ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ١٢

Жиндиего бокьараб квен-пихъ кванан лазат-рах1аталда вук1ине. **Бичасх1аги, нижеца гьев ц1унизе вуго ва сах-саламат рокъовги вачине вуго»- абун.**

Гьереси бицунеб бугелъул жидер раг1и бит1араблъун бихьизе бокьун гьа гьедун к1алъана гьел. Хабар бицунаго цо чи г1емер гьедарараб мехалъ гьесда божи дагьаб бук1уна. Х1акъаб, бит1араб хабар бицунев чи гьа гьедиялда х1ажалъуларо.

**13. Яг1къубица** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Х1акълъунго, дие бокьун гьеч1о Юсуфидаса ват1алъизе ва гьевги вачун нуж ине.**

قَالَ إِنِّي لَيَحْزُنُنِيٓ أَن تَذْهَبُوا۟ بِهِۦ وَأَخَافُ أَن يَأْكُلَهُ ٱلذِّئْبُ وَأَنتُمْ عَنْهُ غَٰفِلُونَ ١٣

Дагьабго заманаялъ гьев аск1оса ват1алъараб мехалъ дун пашманлъулев вуго ва цожо г1оларого вук1унев вуго. Нуж расандулел, чуял рекеризарулелги рук1ун **нужеда к1очон хут1ун гьев Юсуф бац1ица ч1вазе гуриланги х1инкъулев вуго дун»-абун.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1икматалдалъун Яг1къубил гьаб раг1и гьел васалаз гьесие гьереси бицунеб нухлъун лъугьана. Яг1къуб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жинцаго малъараб г1адин ккана щиб гьереси гьез бицунеб Юсуфги цадахъ гьеч1ого рукъор рач1араб мехалъ.

**14. Гьел васаз абуна:** «Бичасх1аги, **гьав анц1го г1олохъанчиясда цадахъ вук1аго Юсуф бац1ица ч1ванани ва нижеда гьев ц1унизеги к1веч1они, ниж рук1унаха ц1акъго тохал г1адамал.**

قَالُوا۟ لَئِنْ أَكَلَهُ ٱلذِّئْبُ وَنَحْنُ عُصْبَةٌ إِنَّآ إِذًا لَّخَٰسِرُونَ ١٤

Цинги нижее ч1аго рук1инго щиб гьабизе. Гьеб нич т1ад бук1иналдаса хунго лъик1 бук1инарищ нижее?»- абун.

Нахъисеб къоялъ радалго Яг1къубихъе рач1ун васаз гьаридал Юсуф жалгун цадахъ виччай абун, гьес Юсуф каранде къана, гьесие лъик1аб дуг1аги гьабуна ва вацалгун цадахъ алахалде виччана.

**15. Цинги Юсуфги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **вачун гьел вацал, жидер мурадлъун бугеб гъуй бугеб бак1алде щведалго ва гьев жанив реххизеги гьел х1адурлъараб мехалъ:**

فَلَمَّا ذَهَبُوا۟ بِهِۦ وَأَجْمَعُوٓا۟ أَن يَجْعَلُوهُ فِي غَيَٰبَتِ ٱلْجُبِّ وَأَوْحَيْنَآ إِلَيْهِ لَتُنَبِّئَنَّهُم بِأَمْرِهِمْ هَٰذَا وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ١٥

гьез Юсуф кварица вухьана, лъим босизе гъуялъуб бичалеб цӀарагӀ гӀадин, ва гъуялда аскӀов вачун гьесда кӀал гьикъиги гьабуна: Гьанже бихьила дуе букӀунеб жо ва дур инсуеги букӀунеб жо! ЦӀакъ вукӀана мун гьев инсуда аскӀоб бакӀги ккун, цоги чи аскӀовго виччалареб хӀалалъ. Гьанже дуе гьаб гъуй буго жанив чӀолеб бакӀ абун. Юсуф хӀинкъун, гӀодун лъугьана ва щивав вацасда валагьун гьезда хурхун чӀчӀезе къасд гьабуна. Цонигияс гьев аскӀов къазе течӀо, тунка-гӀусун инжит гьавуна.

**Цинги дица Юсуфида вахӀю гьабуна: «Дуца сабро гьабе! Цо къо бачӀине буго дуца гьел вацазда бицунеб жакъа гьез дуе гьабураб къварилъи. Гьеб къоялъ гьезда лъазеги гьечӀо мун жидер вац Юсуф вугеблъи»-абун.**

ТӀадегӀанав Аллагьас Юсуф аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ракӀ парахат гьабуна ва гьесда бицана гьаб къварилъи тӀаса ине бугеблъи ва жинда макьилъ бихьараб хӀалалъ гьел вацал жиндие сужда гьабизе щцере рачӀизе рукӀинги. ГӀалимзабаца абуна Жабраил малаик рештӀана абун Юсуф عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда гьаб вахӀю босун.

Вацаз тӀасан гурдеги бахъун Юсуф авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гъуялда жаниве виччана. Гьев гӀодов щвезегӀан чӀечӀого квар къотӀун жанив реххана, гьев гӀодов речӀчӀун хвезе бокьун. Юсуф лъималда жаниб бугеб гамачӀалда тӀад вахъун чӀун хутӀана щибго зарал ккечӀого. Вацалаз тӀасан ахӀана: «Юсуф» абун, гьев хунищ вугев, чӀагойиш вугев лъазе бокьун. Жинда гьел гурхӀилин абун ракӀалде ккун Юсуфица жаваб гьабуна. Цинги цоял вацаз абуна; кӀудияб гамачӀ рехизе буго гьесул бетӀералда тӀад абун, цогидаз абуна: гӀела нилъеца гьесие гьабураб къварилъи, живго те гьев живго хвезегӀан яги цо гӀадамаз нахъе вачинегӀан абун.

Цинги гьел вацаз цо кьегӀер хъун гьелъул би тӀаде бахун Юсуфил гурде бидул цӀезабуна ва нахъруссун рокъоре ана.

**16. Жидер эмен ЯгӀкъубихъе васал рачӀана сордо бецӀлъараб мехалъ ва гӀодилаго гьесда тӀаде лъугьана.**

وَجَآءُوٓ أَبَاهُمۡ عِشَآءٗ يَبۡكُونَ ١٦

**17. Гьез абуна: «Я нижер эмен! Ниж цо-цазда къец гьабун щивдай бергьула абун, чӀорбутӀ речӀизе (яги чуял тӀамизе, яги рекеризе) ана, нижеца Юсуфги къай-цӀа ва квен-тӀехалда аскӀов тана. Гьеб гӀужалъ бацӀги бачӀун гьелъ Юсуф кванан ватана. Гьаб нижеца бицунеб жоялда мун божиларевлъиги лъала**

قَالُواْ يَٰٓأَبَانَآ إِنَّا ذَهَبۡنَا نَسۡتَبِقُ وَتَرَكۡنَا يُوسُفَ عِندَ مَتَٰعِنَا فَأَكَلَهُ ٱلذِّئۡبُۖ وَمَآ أَنتَ بِمُؤۡمِنٖ لَّنَا وَلَوۡ كُنَّا صَٰدِقِينَ ١٧

**нижеда, киг1анго бит1араб жо бицунеллъун ниж ругониги.**
Мун нижеда щакдарулев вугелъул ва Юсуф хвана абураб жоялда божизе дуе бокьунги гьеч1елъул. Гьез бицунеб хабаралъго загьир гьабулеб бук1ана гьеб гьереси бук1ин. Ц1огьорасул т1агъуралда ц1а рек1ун бук1унин абухъего, гьез бицулеб жо жинда божулареб бук1ин гьездаги лъалеб бук1ана.

وَجَآءُو عَلَىٰ قَمِيصِهِۦ بِدَمٍ كَذِبٍۚ قَالَ بَلْ سَوَّلَتْ لَكُمْ أَنفُسُكُمْ أَمْرًاۖ فَصَبْرٌ جَمِيلٌۖ وَٱللَّهُ ٱلْمُسْتَعَانُ عَلَىٰ مَا تَصِفُونَ ١٨

**18. Гьересияб би т1ад бахараб горде босун рач1ана гьел** ва гьеб горде инсуда ццебе рехана. Гьалеха Юсуфил бидул ц1араб гурде, гьевги бац1алъ т1ет1езавун нахъе хут1араб абун. Яг1къуб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьеб горде кодобе босана ва гьес абуна: «Гьереси бицунеб буго нужеца: бац1алъ Юсуф т1ет1езавураб мехалъ горде сах-саламат хут1уларо»-абун. Щайт1аналъ кинабго квешлъи рекъезабуна гьел вацазда т1ад. Ц1акъго г1акъилаб жо гьабулайинги рук1ун жидеего гудур гъун батана гьез. Цох1о бак1алдаса бихьич1еб гордеги инсуда ццебе рехун, жал гьереси бицунеб бук1ин жидецаго тасдикъ гьабуна.
Цо хабаралъулъ буго: Яг1къуб авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьеб гордеги гьумералда ч1ван г1одана ва гьес абуна: «Ц1акъ рак1 гурх1араб бац1 бук1ун бугоха гьаб. Дир васги кванан вуго, щибго гордеги бихьизабун гьеч1о»- абун.
**Яг1къуб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: Нужеца бицунеб жо гьереси буго, гьеб ишги гьедин гьеч1о. Нужер напсаз нужеда ц1акъ квешаб амру берцин бихьизабун буго. Гьанже дица ц1акъ берцинаб сабро гьабила. Т1адег1анав Аллагь вуго дие квербакъулев гьеб нужеца бицунеб гьересияб хабаралдаги,** Юсуф ват1алъиялдаги сабро гьабизе ва Аллагьасда хьулльун, таваккал т1амун ч1езе.
Яг1къуб аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ лъалеб бук1ана Юсуф عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьез ч1вач1еблъи, гьев бац1ица ч1вач1еблъиги. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вах1юялдалъун ва илгьамалдалъун Яг1къубида лъалеб бук1ана Юсуф авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хира гьаруразул цояв вук1ин ва гьесул халатаб берцинаб къисса бук1унеблъиги. Гьедин бугониги жиндир напсалъулъ бугеб, жиндир ихтияралдаса бахъараб рокьиялъ гьесул рак1 къварид гьабулеб бук1ана, бералги чвахизарулел рук1ана.

وَجَآءَتْ سَيَّارَةٌ فَأَرْسَلُوا۟ وَارِدَهُمْ فَأَدْلَىٰ دَلْوَهُۥۖ قَالَ يَٰبُشْرَىٰ هَٰذَا غُلَٰمٌۚ وَأَسَرُّوهُ بِضَٰعَةًۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِمَا يَعْمَلُونَ ١٩

**19. Цинги сапаралда бугеб цо къокъа бач1ана гьеб гъуй бугеб бак1алде.**
Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Мадяналдаса Мисраялда унеб къокъа бук1ана гьеб. Унеб нухги къосун

г1емерго рик1к1ад бугеб бак1алде ккана гьел ва гьеб гъуялда аск1оре щвана. Юсуф авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьенив реххаралдаса лъабго къо араб заман бук1ана гьеб. Гьесул вацал гьеб гъуялда аск1ор рач1ун хъаравуллъи ккун рук1унел рук1ана щибдай Юсуфил ккелеб абун.

Гьеб гъуялдаса рик1к1ад гьеч1ого х1охь бахъизе решт1араб къокъаялъ **жидер цояв вит1ана гьеб гъуялдаса лъим босизе. Жинца ц1араг1 жанибги реххун къват1ибе бахъараб мехалъ гьеб кваралдаги хурхун ц1акъ берцинав вас ватана лъим босизе арасда. Гьев ц1акъ воххун жиндир гьалмагълъиялда ах1ана: гьале роххел! Балагье дида ватарав васасда абун.**

Гьев Юсуфги вачун жиндирго гьалмагълъиялде аск1ове араб мехалъ т1аде рач1ун Юсуфил вацаз: **«Гьав нижер лъутарав лагъ вугин»- абуна. Т1адег1анав Аллагь жинда лъалев вуго гьез бицунебги, гьабулебги жо.** Кинниги, жиндир азалияб къадаралда хъван бугеб х1укму т1убазабун Бет1ергьан Аллагьас лагъзал жидер г1амал гьабизе риччан тун рук1уна.

**20. Цинги Юсуфил вацаз гьев вичана гьеб къокъаялъул цо чиясе ц1акъго дагьаб багьаги босун. Жал рик1к1арал диргьамал рук1ана гьел. Гьезда Юсуфил къадроги лъалеб бук1инч1о, жидее гьев къвариг1унги вук1инч1о.**

وَشَرَوۡهُ بِثَمَنِۭ بَخۡسٖ دَرَٰهِمَ مَعۡدُودَةٖ وَكَانُواْ فِيهِ مِنَ ٱلزَّٰهِدِينَ ٢٠

Гьедин бугелъул лагъ вуго абун вичун, чияр лагълъиялда гьокь ккезавуна Юсуф авараг. Юсуфги عَلَيْهِ السَّلَامُ вуц1ц1ун ч1ана. Гьесда лъалеб бук1ана гьал г1адамалгун цадахъ гьенисан нахъе ин жиндие маслах1ат бук1ин ва гьелда хадуб жиндие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бицараб роххел бук1инги. Ва амма гьеб рохалида щвезег1ан жегиги г1емераб къварилъи ва г1азаб бихьана Юсуф аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ.

Г1алимзабаца абуна: вацаз Юсуф вичана къого диргьамалъухъ, гьеб буго ц1акъго дагьаб жо: лагъасул багьа гьеч1о гьеб, лагъасда рет1улеб рет1елцин гьеб багьаялде щоларо. Юсуф восарав чияс жал Мисриялде щвараб мехалъ базаралдаги вачун гьев вичана Мисриялъул х1акимасе.

Къит1пир абулев шагьаралъул хазинчи вук1ана гьев. Къого месседил гъурушалъухъ (динар) ва к1иго рет1елги к1иго хьитазухъги вичана. Жиндие лъимер лъугьуларев чи вук1ун, Юсуфил берцинлъи бихьун, г1емераб багьаги кьун жиндирго рокъов хъулухъалъе тезеян восана Къит1пирица Юсуф. Гьаб дица хъвараб тафсир гуреб цоги бат1ияб маг1наги гьабуна г1алимзабаца Юсуф вичиялъул бицун. Дица хъвараб

тафсир ва таржама буго гьаб къисаялда жиб рекъараб, жиндахун дир пикру гьет1араб.

وَقَالَ ٱلَّذِى ٱشْتَرَىٰهُ مِن مِّصْرَ لِٱمْرَأَتِهِۦٓ أَكْرِمِى مَثْوَىٰهُ عَسَىٰٓ أَن يَنفَعَنَآ أَوْ نَتَّخِذَهُۥ وَلَدًا ۚ وَكَذَٰلِكَ مَكَّنَّا لِيُوسُفَ فِى ٱلْأَرْضِ وَلِنُعَلِّمَهُۥ مِن تَأْوِيلِ ٱلْأَحَادِيثِ ۚ وَٱللَّهُ غَالِبٌ عَلَىٰٓ أَمْرِهِۦ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢١﴾

**21. Юсуф вичун восарав мисриялъул х1акимас жиндир ч1ужуялда (Зулайхада) абуна:** (Раг1ила: бугин гьелъул ц1арилан абуна цогидал г1алимзабаца): «**Дуца гьав вас хира гьавун, к1одо гьавун ч1езе гьаве нилъеда гьоркьов. Гьев нилъеца васг1адин тезе вуго ва гьес нилъее рукъоб хъулухъ гьабун кумек гьабизеги бегьула»-абун.**

Жидер лъимер бук1инч1елъул васг1адин тезе къасд гьабуна Къит1пирица Юсуф. Гьеб буго Юсуфие бугеб к1одолъи ва гьев лагълъиялдаса вахъи. Гьедин бугелъул Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб буго: **Гъуялдасан къват1ив вахъун хвасар гьавурав г1адин, дица Юсуфие Мисриялъул ракьалда хиралъи ва к1одолъи гьабуна.**

Лъик1ав чиясда аск1ов ккезавун, гьес кинабго х1ажатаб жо жиндие ч1езабун васг1адин хьихьана Юсуф. **Дица гьесда цересел т1ахьалги лъазаруна, гьезул маг1наги бич1изабуна. Макьуялъул маг1на лъалевги гьавуна Юсуф.** Жиндие гьелдаса мунпаг1ат бук1инелъун. **Х1акълъунго Аллагь жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ нахъч1валарев вуго. Кинниги, г1емерисел г1адамал жидеда Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **х1икматал лъаларел, гьесул иш бич1ч1уларел руго.**

وَلَمَّا بَلَغَ أَشُدَّهُۥٓ ءَاتَيْنَٰهُ حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٢٢﴾

**22. Юсуф жиндир черхалъул ва г1акълуялъул щулалъиялда вахараб мехалъ:** гьесул лъеберго, яги лъебералда лъабго сон т1убараб мехалъ, **дица Юсуфие кьуна г1елму-лъай, диналъулъ жо бич1ч1и ва авараглъи. Гьадин к1одо гьарула дица жидер г1амал лъик1ал г1адамал:** иман камилал хиянат гьеч1ел, къот1уе рит1ухъал г1адамал.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Масг1удица абуна: г1адамазул бищун хадур гъурал, чиясда балагьун гьесул х1ал лъалел ва гьесул бук1инесеб бицине к1олев лъабго чи вуго. Мисриялъул Къит1пир вуго: жинца Юсуф авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вичун восарав, гьев цо х1икмат бугев, жиндир хиралъи ва т1ок1лъи

бугев чи вук1иналда кант1ун. Шуг1айб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ясги йиго. Жинца инсуда абурай: «Гьав чи мухькьун х1алт1изе ваче, гьав ц1акъ божарав, лъик1ав чи вуго» - абун. Гьеб абуна Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ х1акъалъулъ гьев лъик1ав, т1ок1ав, хирияв чи вук1ин бич1ч1ун. Лъабабилев Абубакар رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1абги вуго жинца Г1умар رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асх1аб халипалъун тарав ва гьелда жаниб бугеб баракат ва лъик1лъи жинда лъарав.

Гьаб аяталъ бицараб Юсуфие кьураб г1елму-г1акъло ва авараглъи буго дагьаб хадуб бугеб жо, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб бак1алда рехсон бугониги. Байзави абулев г1алимас абуна: Юсуф аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ Мисриялъул Г1азиз Къит1пирица вичун восараб мехалъ анц1ила ункъабилеб сон бук1ана. Анц1ила лъабго сон гьесда аск1об бараб мехалъ туснахъалъув т1амуна, гьениб анкьго (яги лъабго сон) бан хадуб Раян ханас жиндир вазирлъун гьавуна. Гьаб заман буго Юсуф аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ лъеберго яги лъебералда лъабго сон бугеб замана. Гьалдаса хадуб кьуна гьесие авараглъи.

وَرَٰوَدَتۡهُ ٱلَّتِي هُوَ فِي بَيۡتِهَا عَن نَّفۡسِهِۦ وَغَلَّقَتِ ٱلۡأَبۡوَٰبَ وَقَالَتۡ هَيۡتَ لَكَۚ قَالَ مَعَاذَ ٱللَّهِۖ إِنَّهُۥ رَبِّيٓ أَحۡسَنَ مَثۡوَايَۖ إِنَّهُۥ لَا يُفۡلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Цинги гьев Юсуф т1алаб гьавуна жив жиндир рукъов вугей Къит1пирил ч1ужу Зулайхаца.**
Жиндие Юсуф вокьун, гьелъ г1адал гьаюрай Зулайхаца т1алаб гьабуна гьев жинда аск1ов веги ва гьелъ кинабго руччабазул х1илла-макро х1алт1изабуна Юсуф жиндир амруялъе мут1иг1 гьавизе. Амма Юсуф гьелдаса лъутулев ва вахчулев вук1ана.

**Цо къоялъ Зулайхаца рукъалъул нуц1би рахана ва Юсуфида цее ч1ч1ун гьелъ абуна: гьале дунги, гьале бусенги.** Дуе щибго х1инкъи гьеч1о, хехго вач1а дида аск1ов абун. **Юсуфица абуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1унаги дун гьеб квешаб жо гьабиялдаса абун.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда бихьизабуна Зулайхаца жив ах1улеб жо ц1акъ къабих1аб пиша бук1ин ва гьеб гьабизе бегьулареблъи. Гьаб раг1иялъулъ нилъееги ишара буго цо квешаб иш гьабиялда гьава-напсалъ, щайт1аналъ ах1араб мехалъ, гьеб иш гьабизе нилълъ лъугьиналдаса Аллагьасдалъун ц1уни т1алаб гьабизе ккеялда.

**Х1акълъунго дур рос** Къит1пир **вуго дир бет1ергьанчи, жинца дие г1емераб лъик1лъи гьабурав ва дун берцинго жиндир рокъов хьихьарав.** Кин бегьулеб дица гьесие хиянат гьабизе ва гьесул ч1ужуялда аск1ов къазе! **Х1акълъунго жидеца зулму гьабулел, х1арамаб жо гьабулел г1адамазул кидаго мурад т1убаларо ва**

**гьезул лъик1лъиялда кверщел батуларо.**

وَلَقَدْ هَمَّتْ بِهِۦ وَهَمَّ بِهَا لَوْلَآ أَن رَّءَا بُرْهَـٰنَ رَبِّهِۦ كَذَٰلِكَ لِنَصْرِفَ عَنْهُ ٱلسُّوٓءَ وَٱلْفَحْشَآءَ إِنَّهُۥ مِنْ عِبَادِنَا ٱلْمُخْلَصِينَ ﴿٢٤﴾

**24. Цинги Зулайхаца ях1 бахъана Юсуф жинда аск1ов вегизавизе.** Щибго нич т1аг1ун гьава-напсалъ ва щайт1аналъ гьалаг гьаюн, нахъаса нуц1биги рахан Юсуфида т1аде лъугьана гьей ва х1ал гьабунги гьев жиндир мурад т1убазе т1амизе къасд гьабуна. **Цинги Юсуфил напсалда жанир пикраби лъугьана гьей Зулайхае мут1иг1лъизе. Ва амма гьес напс къезабуна, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда бихьизабураб г1аламаталъул кумекалдалъун.**

Г1алимзабаца бат1и-бат1ияб раг1и бицана Юсуфида бихьараб г1аламат щиб бук1араб, гьев Аллагьасдаса х1инкъун Зулайхадаса лъутизе сабаблъун ккараб абун. Гьел раг1абазе мух1канаб далил гьеч1о, гьедин гьеч1ониги гьел раг1аби бат1улалги гьеч1о. Цо г1алимас абуна: нахъаса нуц1аги рахан, керен бет1ерги цебе рехун, цогиги жиндир черхалъул бихьинчиясе берцин бихьулел бак1ал загьир гьарун, Зулайха гьесда т1аде лъугьиндал, Юсуфида ццебе бач1ана жиндир эмен Яг1къубил сурат, жинца к1алдиб ккун килищ х1анч1улевлъун. Гьеб г1аламат бихьидалго Юсуфил чорхол х1ал хисана ва Зулайхал чалухал пишаби жинда рихьич1евлъун лъугьана: ай гьез жиндие щибго асар гьабич1о ва жив гьелдаса вуссун рокъоса къват1ив лъутизе лъугьана абун.

Цоги г1алимас абуна: Юсуфида цебе Зулайхал рос Къит1пирил сурат бач1ана ва гьес жиндие гьабураб лъик1лъиги рак1алде щвана абун.

Цоги г1алимас абуна: Юсуф Зулайхадаса нечон эхедехун валагьана ва гьесда мокърокь хъван бихьана: «Мун зина гьабиялда аск1ов къаге! Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъулеб жо буго ва ц1акъ квешаб нух буго»- абун.

Гьел раг1абазул кинаяб бит1араб бугониги, щиб г1аламат Юсуфида бихьаниги нилъеца гьелъул к1вар гьабизе кколаро. Нилъеда лъалеб жо буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Юсуф ц1унана гьей Зулайхал сураталда жив къосизавизе жинда т1ад лъугьараб щайт1аналъул макроялдаса. Бет1ергьан Аллагьасул ц1уни бук1ун гурони Юсуфида к1олароан гьава-напс ва щайт1ан къезабизе ва гьев Зулайхал х1илла макроялъ къезавилаан. Т1адег1анав Аллагьас авараглъиялъе т1аса вищарав Юсуф кинабго мунагь хат1аалдаса ц1унарав вук1ана.

Абусаг1удица абуна: Юсуф аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ рак1алда рехараб хиял гьесул г1айиблъун рик1к1унаро. Гьеб буго инсанасул т1абиг1ат, гьесда нахъч1вазе к1олареб. Цо-цо г1адамаз Юсуф аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ

г1унт1изабулеб, жиб г1иналда раг1изе рекъеч1еб хабар буго ах1макъал г1адамаз ургъараб.

**Дица гьев Юсуф аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ кинабго квешлъи ва къварилъи нахъч1вала ва зинаг1адаб къабих1аб жоги нахъч1вала. Х1акълъунго гьев Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго дица дие т1аг1ат- г1ибадат гьабиялъе ва авараглъун вук1иналъе т1аса вищарав лагъ.**

وَٱسْتَبَقَا ٱلْبَابَ وَقَدَّتْ قَمِيصَهُۥ مِن دُبُرٍ وَأَلْفَيَا سَيِّدَهَا لَدَا ٱلْبَابِ ۚ قَالَتْ مَا جَزَآءُ مَنْ أَرَادَ بِأَهْلِكَ سُوٓءًا إِلَّآ أَن يُسْجَنَ أَوْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٢٥﴾

**25. Цинги Юсуфги Зулайхаги рагьо бугеб рахъалда рекерана.** Юсуф гьелдаса лъутун, къват1иве ворч1изе къасда гьабун векерана. Зулайха щайт1аналъ гьалаг гьаюн, х1айваналда релълъун лъугьун, гьесда хадуй йортун нахъаса ккун гьев ч1езавизе лъугьана. **Ва гьесул гордеги бихъизабуна мугъ бугеб рахъалъан. Гьеб х1алалъ унаго гьезда рагьоялда аск1ов щун ватана Зулайхал рос Къит1пир.** Гьеб лах1заталъ Зулайхал г1акъло рук1алиде бач1ана ва жинца гьабулеб бук1араб жоялда кант1ана. цингиги гьелъ щибго х1ал хисич1ого кинабго лъугьабахъин г1аксалда сверизабуна ва жиндир зулмуялдаса лъутулев вук1арав Юсуф жиндие зулму гьабулев вук1аравлъун вихьизавуна.

**Зулайхаца абуна: «Я дир хирияв гьудул! Дур агьлуялъе квешлъи гьабизе ургъарав гьадинав чиясе щиб жо гьабилеб ц1акъ квешаб г1азаб гурони, яги туснахъалда рехун гьенив жанив тей гурони»- абун.**

قَالَ هِىَ رَٰوَدَتْنِى عَن نَّفْسِى ۚ وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّنْ أَهْلِهَآ إِن كَانَ قَمِيصُهُۥ قُدَّ مِن قُبُلٍ فَصَدَقَتْ وَهُوَ مِنَ ٱلْكَٰذِبِينَ ﴿٢٦﴾

**26. Юсуфица абуна: «Дица щибго квешлъи гьабич1о, гьеб гьабизе рак1алдаги ккеч1о. Гьей Зулайхаца вук1ана дун т1алаб гьавулев»-абун.** жиндир нахъияб рахъалдаса бихъун бугеб гурдеги бихьизабуна, жив бит1араб бицунев вук1иналъе х1ужалъун. Цинги Къит1пир гьабизе жо лъаларого хут1идал ва лъида г1айиб бугебги жиндие загьирлъич1елъул, гьесие кумек гьабун Юсуф бугьтаналдаса хвасар гьавун, Т1адег1анав Аллагьас киниялда жанибго бугеб гьит1инаб лъимер к1алъазабуна. **Гьелъул г1агарлъиялъул лъимералъ абуна: «Гьев Юсуфил горде ццебесахун бихъун батани Зулайхаца бицунеб жо бит1араб буго, гьев Юсуфги жинца гьереси бицунев вуго.**

وَإِن كَانَ قَمِيصُهُۥ قُدَّ مِن دُبُرٍ فَكَذَبَتْ وَهُوَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٢٧﴾

**27. Гьесул горде нахъасахун бихъун батани Зулайха гьереси бицуней йиго ва Юсуф жинца бит1араб жо**

**бицунездаса вуго»- абун.**

**28. Къит1пирида бихьидал Юсуфил горде нахъаса бихъун бук1ин, гьес абуна: «Гьаб иш нужер макроялдаса цо макро буго, я гьал руччаби! Нужер х1илла-макроги ц1акъ к1удияб бук1уна.**

فَلَمَّا رَءَا قَمِيصَهُۥ قُدَّ مِن دُبُرٍ قَالَ إِنَّهُۥ مِن كَيْدِكُنَّ إِنَّ كَيْدَكُنَّ عَظِيمٌ ﴿٢٨﴾

Ва нужеца ургъараб, гьабураб иш бахчизе, гьеб цогидазда т1аде реххизе нужер гьунарги к1удияб бук1уна.

**29. Я Юсуф! Дуца гьаб хабар ва гьаб рокъоб лъугьараб жо лъидаго бицунге, дуда гьеб к1очон, гьелдаса вуссун ч1а мун. Дуцаги, я Зулайха, гьеб дудаса ккараб сурукъаб ишалдаса тавбо гьабе, Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **дур мунагьал рахче абунги гьаре. Гьаб ишалъулъ мун йик1ун йиго г1айибалъул бет1ергьан абун.**

يُوسُفُ أَعْرِضْ عَنْ هَٰذَا ۚ وَٱسْتَغْفِرِى لِذَنۢبِكِ ۖ إِنَّكِ كُنتِ مِنَ ٱلْخَاطِـِٔينَ ﴿٢٩﴾

жидерго жагьилияб г1адаталда рекъон ва гьев Къит1пир сабро бугев чи вук1ун, ццим хехав вук1инч1ого, гьес х1укму гьабуна кинабго жо к1очон тезе ва щибго жо ккеч1еб г1адин, ццерего бук1араб х1алалъ берцинго жидер яшав гьабизе.

Амма квешаб хабар хехго т1ибит1ула ва дунялалъул бералги г1ундулги рук1уна. Гьеб Зулайхалги Юсуфилги ккараб жо лъана гьезул рукъор х1алт1улел, гьезие хъулухъ гьабулел г1адамазул руччабазда: чед бежулел, лъим баччулел, дару гьабулел ва цогидалги г1адамазул руччабазда. Гьел руччабаздаса цогидазда лъан гьеб хабар шагьаралдаго т1ибит1ана. Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

**30. Гьеб шагьаралъул руччабаца цо-цаздехун абуна: «Гьаб шагьаралъул г1азизлъун вугев (бищун к1удияв х1аким) Къит1пирил ч1ужуялъ жиндир рокъов цевеса х1алт1улев чилъун вугев Юсуф т1алаб гьавулев вуго жинда аск1ов вегизе.**

۞ وَقَالَ نِسْوَةٌ فِى ٱلْمَدِينَةِ ٱمْرَأَتُ ٱلْعَزِيزِ تُرَٰوِدُ فَتَىٰهَا عَن نَّفْسِهِۦ ۖ قَدْ شَغَفَهَا حُبًّا ۖ إِنَّا لَنَرَىٰهَا فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٣٠﴾

Гьелъ гьесие г1акъуба кьолеб раг1ула жиндие рослъи гьабе абун. ц1акъ к1удияб иш гьеч1ишха гьаб? Ханг1адин вугев чиясул ч1ужуялъ лагъасда рокьи гьабизе ккани, г1адаллъун ятила гьей Зулайха.

**Юсуф вокьи гьелъул рек1елъ жаниб бортун буго ва гьелда дов тезе к1олев гьеч1о. Х1акълъунго, нижеда гьей** Зулайха **йихьулей йиго ц1акъ квешаб бак1алда ккун ва нух къосун, г1акъло сверун»-абун.**

гьаб хабар руччабаз жалго данделъанщинаб бак1алда бицунеб бук1ун

ахирги Зулайхада рагlана жинда нахъаса бицунеб, гьей суризаюлеб хабар.

31. **Гьаб хабар рагlараб мехалъ** Зулайхаца **хадув чи витlун шагьаралъул бищунго къадро бугел чагlазул руччаби ахlана жиндир кlалгlаялъур.** Кlикъого чlужу гlадан йикlанин абуна гlалимзабаца. Гьезда гьоркьор жидер рукъор хъулухъ чагlилъун ругел гlадамазул щуго чlужугlаданги йикlана, жидедаса гьаб Зулайхал хабар къватlибе арал.

فَلَمَّا سَمِعَتْ بِمَكْرِهِنَّ أَرْسَلَتْ إِلَيْهِنَّ وَأَعْتَدَتْ لَهُنَّ مُتَّكَـًٔا وَءَاتَتْ كُلَّ وَٰحِدَةٍ مِّنْهُنَّ سِكِّينًا وَقَالَتِ ٱخْرُجْ عَلَيْهِنَّ ۖ فَلَمَّا رَأَيْنَهُۥٓ أَكْبَرْنَهُۥ وَقَطَّعْنَ أَيْدِيَهُنَّ وَقُلْنَ حَٰشَ لِلَّهِ مَا هَٰذَا بَشَرًا إِنْ هَٰذَآ إِلَّا مَلَكٌ كَرِيمٌ ﴿٣١﴾

**Зулайхаца гьел руччабазе мугъ чlван рахlаталде гlодор чlолеб бакl хlадурана** гьоркье тамахал босаби тlамун, мугъ чlвазе хlулидал къаданилъелал лъуна. Цере цlакъ берцинал, гlемерал нигlматал ругел тепсиги тlибитlана (тlутl, бертадуе къачlараб квен-тlех). **Щияй гlаданалъухье нусги кьуна пихъалдаса хъал бахъизе, гьан къотlизе.**

Цинги гьел киналго данде руссун цlакъ хlалхьон ва кеп щун гьел нигlматал кваналел ругеб мехалъ **Зулайхаца Юсуфида абуна: мун гьел руччабазда тlаде лъугьа ва гьезда цевеса хьваде абун. Гьел жанир чlараб рокъов лъугьун Юсуф жидеда вихьарабго гьел руччабазда цlакъ кlудияб гlаламат бихьараб гlадаб жо лъугьана:** гьесул берцинлъиялдаса нечон, хlинкъун лъугьана гьел ва, жидеца гьабулеб жого лъачlого Юсуфиде балагьухъего рукlун, **нусал жидерго кверазда лъулъан жидеца кверал къотlана. цинги гьезги абуна: «Аллагь вацlадав ва Тlадегlанав вуго! Гьадинаб гlажаибаб берцинлъи бижун бугоха Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Гьев чи гlадамго гьечlо. Гьав чи хирияв малаик вуго, гlадамазда гьоркьов виччарав»-абун.**

32. Гьел руччабазе лъугьараб жо бихьидал Зулайха цlакъ разилъана ва гьез жинда нахъаса рицарал харбазулги рецlел босана, **Цинги Зулайхаца абуна: Гьале гьав чи вугоха гьев, нужеца дида гlайиб чlварав дие гьев вокьана абун**. Цохlо нухалъ гьев вихьарал нужеца кверал къотlун унтизаридалго, нужеда бичlчlизе ккела кигlан дир ракl гьес унтизабулеблъи щибаб къоялъ дида гьевги вихьулев вукlун.

قَالَتْ فَذَٰلِكُنَّ ٱلَّذِى لُمْتُنَّنِى فِيهِ ۖ وَلَقَدْ رَٰوَدتُّهُۥ عَن نَّفْسِهِۦ فَٱسْتَعْصَمَ ۖ وَلَئِن لَّمْ يَفْعَلْ مَآ ءَامُرُهُۥ لَيُسْجَنَنَّ وَلَيَكُونًا مِّنَ ٱلصَّٰغِرِينَ ﴿٣٢﴾

**Бичасх1аги, дица гьев Юсуфие чанги чалухаб пиша гьабуна ва гьев дида аск1ов лъугьун гьесулгун дица шагьват т1убазе ях1ги бахъана. Амма гьев ц1акъ ц1унун ч1анаха:** Дида гьединав инсан вук1инин абун кколароан ва цоги вук1уневги ватиларо. Гьадинай г1олохъанай, берцинай, чорхол ч1урканлъи рекъарай г1аданалъ босаде ах1араб мехалъ гьеб ишалдасан ц1унун ч1олев чи щив вук1улев? **Гьанжеги дун гьедулей йиго нужедаги раг1ун: Гьев Юсуфица дир амру т1убач1они ва дие бокьараб жоги гьабич1они, гьев дица бец1аб гвендинив рехун туснахъ гьавила ва гьев ц1акъ х1акъир гьаруралдаса вук1ина»-абун.** Гьанже руччабаца жинда г1айиб ч1валареблъи лъан, Зулайхаца жиндир рокьи т1убанго загьир гьабуна ва жиндир мурад т1убач1ого жий ч1еларо абун гьаги гьедана. Ничалъул пардав бахъун, жинда г1айиб ч1ваялдаса х1инкъич1ого к1алъана гьей. Гьелда т1ад рекъон руччабацаги х1укму гьабуна гьелъ бицунеб жо ц1акъ бит1араб бугин, гьелъул бак1алда рук1арал ани жидецаги гьебгожо гьабизе бук1анин.

Цинги гьел руччабаца Юсуфидаги абуна мун Зулайхада гурх1айин гьей рокьул ц1а рек1ун, юх1ун хвезе тогейин, дуего мах1цараб ракьул гвенд т1аса бищич1ого берцинай г1аданалъул х1ажат т1убаян абун. Юсуфил ц1акъго рак1 бакъвана, кинабго дунял т1аде лъугьун, жив къосизавизе ургъулел ругин ккана гьесда.

قَالَ رَبِّ ٱلسِّجْنُ أَحَبُّ إِلَيَّ مِمَّا يَدْعُونَنِيٓ إِلَيْهِ ۖ وَإِلَّا تَصْرِفْ عَنِّي كَيْدَهُنَّ أَصْبُ إِلَيْهِنَّ وَأَكُن مِّنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ﴿٣٣﴾

**33. Цинги Юсуфица Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьари, х1ели гьабуна ва гьес абуна: «Я дир Бет1ергьан Аллагь!** Гьеб бец1аб, мах1цараб ракьул гвенд бигьаяб буго дие ва **гьеб туснахъ дие бокьила гьал руччабаз жинда ах1улеб къабих1аб иш гьабун дур ццим бахъи дида щвеялдаса.**

Цох1о мун вуго Бет1ергьан гьезул макро дидаса нахъч1вазе к1олев. **Дуца дун ц1унич1они ва дуца дун гьезул макроялдаса хвасар гьавич1они дун гьездехун гьет1изе бегьула:** дир напсияб г1амал бергьун, жагьилал г1адамазул г1амал гьабун. **Цинги дунги гьезда релълъарав лъугьина»-абун.**

فَٱسْتَجَابَ لَهُۥ رَبُّهُۥ فَصَرَفَ عَنْهُ كَيْدَهُنَّ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٣٤﴾

**34. Т1адег1анав Аллагьас Юсуфил** عَلَيْهِ السَّلَامُ **дуг1аялъе жаваб гьабуна ва гьел руччабазул макро гьесдаса нахъч1вана. Х1акълъунго Аллагь жинда гьарарав чиясул дуг1а раг1улев вуго ва жинца дуг1аялъе жаваб кьезе**

**мустах1икъал чаг1и жинда лъалев вуго.**

ثُمَّ بَدَا لَهُم مِّنۢ بَعۡدِ مَا رَأَوُاْ ٱلۡأٓيَٰتِ لَيَسۡجُنُنَّهُۥ حَتَّىٰ حِينٖ ﴿٣٥﴾

**35. Цинги Къит1пирие ва гьесул г1акълу чаг1азе** Юсуф вац1адав вук1иналъул киналго х1ужаби рихьидал, Зулайхаца гьев толаревлъиги лъадал, **гьезда лъик1 бихьана цо заманаялъ гьев Юсуф туснахъалда т1амун тезе.** Къват1ул харбалги т1аг1изег1ан, цоги щиб бугониги мустах1икъаб х1укмуги загьирлъизег1ан.

Цо г1алимас абуна: Зулайхал т1убанго хьул къот1идал Юсуф жиндие мут1иг1 гьавизе к1веялдаса, гьелъ росасда абуна: гьав Г1ибранияв лагъас дун халкъалда суризаюна дие жив вокьун вуго абун, дие ресги гьеч1о къват1ий яхъун дир г1узру г1адамазда бицине. Дуца я гьев туснахъалъув реххе гьесда г1айиб бугеблъун бук1ине, яги дие изно кье къватий яхъун дир г1узру г1адамазда бицине абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: цинги гьез х1укму гьабуна Юсуф гвендинив реххизе. Х1амида т1адги рек1инавун гьесда хадуб къали кьабун ах1долел г1адамал т1амуна: «Гьав вуго жиндир бет1ергьаналда (сайидаталда), г1азизил ч1ужуялда рокьи гьабурав Г1ибранияв лагъ. Гьесие бугеб х1укму буго гвендинив реххун туснахъ гьави»-абун. Гьаб х1алалъ шагьаралдаги сверизавун цинги туснахъалъув реххана.

Ибнухат1ибица абуна: гьаб Юсуфилги Зулайхалги къиссаялдаса бусурбабаца босизе кколеб ваг1за ва г1ибрат буго: г1акъилав инсанасе бегьуларо жинца рукъов сахав, къуватав г1олохъанчи кквезе, жиндир хъизан-лъималгун цадахъ, цинги гьев г1олохъанчиги тезе жиндир ч1ужуялда ва ясалазда цадахъ щайт1аналъ гьалмагълъи гьабун, гьезие питна гьабизе. Ц1акъ щайт1ан бохулеб г1амал буго гьаб.

Шарг1алда амру гьабун буго рос-лъадилъун лъугьизе бегьулел бихьинал ва руччаби цоцазде журан рук1унге абун (ай цо бак1алда цадахъ сапар бугониги рокъор ругониги, кир ругониги жалго жидедаго рук1ине бегьуларо). Хасго к1удияб х1арамлъи буго цо чиги цо ч1ужуг1аданги цоги чи гьеч1еб бак1алда цох1ого хут1и. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминал руччабазда ва муъминал бихьиназда амру гьабулеб буго жидер бер (ц1уне) къае х1арамаб бак1алда балагьияладаса, г1авратги бахче г1агарав гурев чиясдаса абун.

Жегиги шарг1алъ амру гьабун буго чияр чиясда ч1ужуг1адан гьаракь раг1изабун к1алъаге абун. Гьелъул маг1на буго чара гьеч1ого чияр чиясда калам гьабизе х1ажалъи ккараб мехалъ, гьесие берцин бихьулеб гьаракь гьабун, гьесда бадий балагьун к1алъаге абураб.

Гьадин Аллагьас ﷻ амру гьабун бугониги бусурбабада гьеб к1очон тун буго, купру-ширкалъул г1адамазул г1адатал берцин рихьун, бихьиналги руччабиги цо-цаздаса рат1а рахъизе лъалареб х1алалъ рет1елги рет1ун буго, щибго нич-намус ва Аллагьасдаса х1инкъи гьеч1ого цох1ого къват1ирги рахъун руччаби сапаралда, х1алт1изе, ц1ализе унел руго. Аллагьасул ﷻ х1алимлъиялъ гуккун х1арамаб гуреб жо гьабулеб гьеч1о. Гьесул сабро к1удияб бук1ун, жидеца ц1акъ к1удиял мунагьал гьаруниги, гьел гьалаг гьарич1ого тун руго.

**36. Юсуф авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ туснахъалда вук1аго гьесда цадахъ гьениве реххана к1иго г1олохъанчиги.**

وَدَخَلَ مَعَهُ ٱلسِّجْنَ فَتَيَانِ قَالَ أَحَدُهُمَآ إِنِّيٓ أَرَىٰنِيٓ أَعْصِرُ خَمْرًا وَقَالَ ٱلْأَخَرُ إِنِّيٓ أَرَىٰنِيٓ أَحْمِلُ فَوْقَ رَأْسِي خُبْزًا تَأْكُلُ ٱلطَّيْرُ مِنْهُ نَبِّئْنَا بِتَأْوِيلِهِۦٓ إِنَّا نَرَىٰكَ مِنَ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٣٦﴾

Гьев к1иявго вук1ана Мисриялъул хан Рабанил (Раянил) рокъор х1алт1улел рук1арал г1олохъаби: цояв жинца чед бежулев, цояв ханасе гьекъолеб жо х1адурулев. Жидеца хан ч1вазе квеналда гьоркьоб загьро жубаялда щаклъун т1амун рук1ана гьел туснахъалъур. Гьенив Юсуф ватидалго ва гьев ц1акъ т1абиг1ат-г1амал рекъарав, сипат-сурат берцинав, цадахъ бугеб гьалмагълъиялда г1урх1улев, гьезда ц1об гьабулев вихьидал, гьев к1иявго г1олохъанчи гьесда аск1ор г1агарлъана ва гьесулгун гьалмагълъи гьабуна.

Юсуфица гьев к1иявго ва цогидал туснахъалда ругел г1адамал даг1ват гьабун Аллагь ﷻ цо гьавиялда, гьесие г1ибадат гьабиялда рачунел рук1ана. Живгоги ц1акъ т1ад ч1ун Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабун гьесда дуг1а г1емер гьабун какал ралев вук1ана.

**Цо нухалъ радал т1аде рахъиндал, ханасе гьекъолеб жо х1адурулев вук1арав г1олохъанчияс абуна: «Х1акъълъунго, дие макьу бихьана дица ханасе гьекъолеб жо гьабизе ц1ибил ц1ц1ун гьелъул лъим бахъулевлъун вуго дун»-абун. Цогияв г1олхъанчиясги абуна: «Х1акъълъунго, дидаги бихьана макьу дир бет1ералда т1ад лъун к1удияб чед баччун дун вугев г1адин ва гьеб чед гьелда т1ад г1одор ч1ун х1анч1азги кваналеб бугин»-абун. Дуца нижеда гьал макьабазул маг1на бице, нижеда мун ц1акъ лъик1ав чилъун вихьулев вуго** ва дуда гьел макьаби къот1изеги лъалеб батизе ккола»-абун.

Цо г1алимзабаца абуна: гьев к1иявго г1олохъанчиясе х1акъикъаталда гьединаб макьу бихьана ва Юсуфица бицухьин гьелъул х1укмуги ккана абун. Цогидал г1алимзабаца абуна: гьезда макьу бихьун бук1инч1о, жидеца Юсуфил х1албихьи гьабун ургъун рахъарал макьаби рук1ана

гьел. Гьедин бугониги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев к1иясего Юсуф аварагас عَلَيْهِ السَّلَام бицараб х1укму гьабуна абун.

قَالَ لَا يَأۡتِيكُمَا طَعَامٞ تُرۡزَقَانِهِۦٓ إِلَّا نَبَّأۡتُكُمَا
بِتَأۡوِيلِهِۦ قَبۡلَ أَن يَأۡتِيَكُمَاۚ ذَٰلِكُمَا مِمَّا
عَلَّمَنِي رَبِّيٓۚ إِنِّي تَرَكۡتُ مِلَّةَ قَوۡمٖ لَّا يُؤۡمِنُونَ
بِٱللَّهِ وَهُم بِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ كَٰفِرُونَ ٣٧

**37. Юсуфица гьев к1иясдаго абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие кьураб лъай буго нужее квен бач1инелде ццебе щиб квен нужее бач1ине бугеб дида лъай.** Гьединго цогиги балъголъаби руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида лъазарурал»-абун. Гьеб хабар Юсуфица бицана гьев к1иявго иман лъеялде ах1илелде ва гьезиеваг1за гьабилелде ццебе,- гьел жинда г1енеккизе ва гьезул божи ц1ик1к1инабизе, хадуб гьес абуна: **«Гьаб дица бицунеб жо буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида лъазабураб.** Гьеб гьеч1о сих1ро яги гьереси. **Х1акълъунго Дица Аллагьасда иман лъолареб къавм тана, дун гьезда гьоркьоса нахъе ана, гьединго ахираталда инкар ккураб къавмги тана дица»**-абун. Гьаб раг1иялдалъун Юсуфица бицана жив вук1ин аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَام рокъосан чи, живги жиндир умумулги купру-ширкалдаса рик1к1адал, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулел, ахираталда иман лъолел рук1ин. Иман лъеялъул бищунго к1удияб к1иго асло буго гьаб:

1). Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесда иман лъей. 2). Х1исаб-мизан гьабулеб, алжан-жужах1 жиндилъ бугеб ахираталда иман лъейги.

وَٱتَّبَعۡتُ مِلَّةَ ءَابَآءِيٓ إِبۡرَٰهِيمَ وَإِسۡحَٰقَ
وَيَعۡقُوبَۚ مَا كَانَ لَنَآ أَن نُّشۡرِكَ بِٱللَّهِ مِن
شَيۡءٖۚ ذَٰلِكَ مِن فَضۡلِ ٱللَّهِ عَلَيۡنَا وَعَلَى ٱلنَّاسِ
وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَشۡكُرُونَ ٣٨

**38. Дун нахъвилълъарав вуго дир умумул Ибрагьимил, Исх1акъил ва Яг1къубил диналда. Ниж рук1инч1о ва гьеч1о, ва нижее бегьуларо Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ щибго жо г1ахьал гьабизе, гьелъие г1ибадат гьабун ва дуг1а гьабун.** Ниж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1аса рищун руго жиндир диналда халкъ ах1изе. Гьедин бугелъул ниж рук1ине ккола ц1акъ рац1ц1адаллъун ва цогидал г1адамазе мисалияллъун.

**Гьаб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъей, гьев цо гьавун гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабиги, Аллагьасул рахъалъан бугеб ц1об-рах1мо ва хиралъи буго нижее бугеб ва киналго г1адамазеги бугеб.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижеда вах1ю гьабун гьеб лъазабун буго, ва г1адамаздаги ниж расулаллъун гьарун, гьезда нижеца малъун лъазабун буго. **Ва амма г1емерисел г1адамал гьаб к1удияб ниг1маталъул къадро лъаларел ва гьеб ниг1маталда данде Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ шукру гьабуларел руго.** Жиндие лагълъи гьабизе х1акъав, жал рижарав, хьихьулев ва хвезарун

ахир т1адеги рахъинарулев Аллагьги ﷻ к1очон, цоги щиб бугониги жоялъе лагълъи гьабулел руго. Боц1уе лагълъи гьабун, г1арац-меседалъе лагълъи гьабун, жидедаго релълъарал г1адамазе лагълъи гьабун, жидецаго гьарурал хъанчазе-алагьзабазе лагълъи гьабун.

**39. Юсуфица абуна: «Ле, дунгун цадахъ гьаб туснахъалъур ругел г1олохъаби! Нужеца ургъун бихьея: бат1и-бат1иял, цоязда цоял къацандулел, жидер иш-пиша данде кколарел г1адамалищ лъик1ал ругел гьезда нахърилълъине ва бет1ергьанлъун рук1ине. Яги жинда къацандулев чи гьеч1ев ва къец гьабуниги жиндаса щивго бергьунарев жив цогояв Аллагьищ лъик1ав?**

يَٰصَٰحِبَيِ ٱلسِّجۡنِ ءَأَرۡبَابٞ مُّتَفَرِّقُونَ خَيۡرٌ أَمِ ٱللَّهُ ٱلۡوَٰحِدُ ٱلۡقَهَّارُ ﴿٣٩﴾

Г1адамал ругониги, жиндул ругониги, малаикзаби ругониги, гьел жидее нилъеца лагълъи гьабизе мустах1икъал гьеч1о, гьел кидаго цоцалъ рекъон рук1унаро, цоцазде къацандараб мехалъ цояв къеч1ого вук1унаро, жив къолев, жиндаса т1ок1ав чи жинда данде вугесе лагълъи гьаби ах1макълъи бук1уна. Жидеца ганч1ил, ц1улал ва цогидаб жоялъул рик1ун-руц1ун гьарурал хъанчал алагьзабилъун кквей ц1акъго ах1макъаб жо бук1инарищха!-абун.

**40. Ле, Аллагьасде ﷻ ширк гьабулел г1адамал: нужеца жиндие лагълъи гьабулеб жо гьеч1о нужецагоги ва нужер умузги ургъарал, нужецаго алагьзабиян ц1аралги лъурал, хъанчал гурони. Аллагьасул рахъалъан кинабг1аги х1ужа-далилги гьеч1о гьезие г1ибадат гьабе абун, г1ибадат гьабиялъул х1укму цох1о Аллагьасе ﷻ гурони гьеч1о.**

مَا تَعۡبُدُونَ مِن دُونِهِۦٓ إِلَّآ أَسۡمَآءٗ سَمَّيۡتُمُوهَآ أَنتُمۡ وَءَابَآؤُكُم مَّآ أَنزَلَ ٱللَّهُ بِهَا مِن سُلۡطَٰنٍۚ إِنِ ٱلۡحُكۡمُ إِلَّا لِلَّهِ أَمَرَ أَلَّا تَعۡبُدُوٓاْ إِلَّآ إِيَّاهُۚ ذَٰلِكَ ٱلدِّينُ ٱلۡقَيِّمُ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعۡلَمُونَ ﴿٤٠﴾

Гьесда лъала г1ибадат кин гьабизе кколеб. Аллагьас ﷻ расулги вит1ун гьев расулас умматалдаги малъун гьабулеб жо буго Аллагьасе ﷻ гьабулеб дин.

**Гьев Аллагьас ﷻ лагъзадерида амру гьабун буго цох1о жиндие гурони лагълъи гьабуге абун.** Жиндие г1ибадат гьабизе мустах1икъав вугелъул гьев Аллагь ﷻ: жиндир гуч-къуват бергьарав, жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе к1олев. Гьев Аллагьги ﷻ живго тун жидер щибго гьунар гьеч1ел, жидеда хайирги заралги гьабизе к1оларел алагьзабазе г1ибадат гьаби бат1улаб жо буго. **Гьаб дица нуж жинда ах1улеб дин буго жиб бит1араб, жиндилъ щаклъи гьеч1еб**, гьеб

диналдалъун нужер дунялалдаги ахираталдаги кверщел батизе буго. **Кинниги, г1емерисел г1адамал гьаб амру жидеда лъаларел руго**. Жидеца Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабуларел руго, лагълъи гьабулезги цадахъ жо г1ахьал гьабун Аллагьасде ширк гьабулеб буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьел г1олохъаби Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабиялда ах1иялъулъ г1ажаибго берцинаб ва жиндилъ х1икмат ва пайда к1удияб нух т1аса бищана.

Т1оцебесеб иргаялда гьезда лъазабуна жив аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ чи вук1ин, жиндие Аллагьас ﷻ цо-цо гьаибаб жо лъай кьун бук1инги. Гьеб г1елмуялдаса буго гьел г1олохъабазе туснахъалда щибаб ригьалъ бач1изе бугеб квеналъул амру гьесда лъай ва гьес бицухъин гьезие квен бач1иги.

К1иабилеб буго: гьесие Аллагьас ﷻ макьу къот1улеб г1елму кьей. Ва амма Юсуф аварaг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьел г1олохъабазул макьуялъул маг1наги бицун, гьезул мурадги т1убан, жинда аск1оса гьел нахъе риччалевлъун гьеч1о. Бищунго жинца бицунеб жоялда гьел г1енеккулеб заманалдаса мунпаг1атги босун, гьел Аллагьасул диналде ах1изе т1ад жувалев вуго. Гьеб буго нилълъецаги жиндаса мунпаг1ат босизе рекъараб мисал.

Лъабабилеб буго: гьеб даг1ват гьабулаго Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ тамахаб, х1еренаб мац1алъ, гьел г1адамазда бич1ч1улеб мисал бачун, т1оцебе гьезда бич1ч1изабулеб буго: бат1и-бат1иял алагьзаби рук1ин г1акълуялъго къабул гьабулареб жо бук1ин. Хадубги гьел кант1изарулел руго г1адамаз жидее лагълъи гьабулеб рух1 бугелги, рух1 гьеч1елги алагьзаби гьезие лагълъи гьабизе мустах1икъал гьеч1еблъи, гьел киналго рижарав, гьезие ризкъи кьолев гьел хвезарулев Бет1ергьан Аллагьги вук1адго щибго жидер гьунар гьеч1еб жоялъе лагълъи кин гьабилеб?

Ункъабилеб буго: ахиралда гьезие баян гьабулеб буго х1акъикъияб, бит1араб дин Аллагьас ﷻ малъухьин гьабулеб дин бук1ин ва гьеб дин гьабизе киназдаго т1адаб бук1инги. Гьеб дин гьабулел г1адамал ц1акъго дагьал рук1инги бицунеб буго. Гьелдалъунги г1олохъаби кант1изе х1акъаб жоялда ч1ч1арал г1адамал кидаго дагьал рук1иналда ва гьел дагьал г1адамаз гурони жиб х1ехьеч1еб, ях1 бахъич1еб, сабро гьабич1еб дин бит1араб бук1иналда.

Аллагьасде ﷻ халкъ ах1улез х1алт1изаризе рекъарал къаг1идаби баян гьарун Юсуфил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ мисалаздаса мунпаг1ат босун, киг1ан г1емераб жо малъизе ва бицине к1олеблъи бихьизабун буго.

Гьеб жинда т1адаб амруги т1убан, жиндир рак1ги парахат гьабун, хадуб байбихьулеб буго Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезул макьуялъул

маг1на бицине ва гьес абулеб буго:

يَٰصَٰحِبَيِ ٱلسِّجۡنِ أَمَّآ أَحَدُكُمَا فَيَسۡقِي
رَبَّهُۥ خَمۡرٗاۖ وَأَمَّا ٱلۡأٓخَرُ فَيُصۡلَبُ فَتَأۡكُلُ
ٱلطَّيۡرُ مِن رَّأۡسِهِۦۚ قُضِيَ ٱلۡأَمۡرُ ٱلَّذِي فِيهِ
تَسۡتَفۡتِيَانِ ٤١

**41. Ле, дир к1иявго туснахъалъ гьалмагълъун гьарурал г1олохъаби! Нужер цояв туснахъалдаса къват1иве веччан цевего вук1араб х1алалъ жиндир ханасе гьекъолеб жо кьолев чилъун вук1ине вуго. Цогидав туснахъалдаса къват1иве вачун кварида ван гъанкъизе вуго ва гьеб бак1алда дализе гьавунги тезе вуго, бет1ералда т1ад ч1ч1ун х1анч1аз жиндир гьан бик1ун кваналевлъун. Нужеца дидаса т1алаб гьабураб х1укму дица бицана ва гьеб х1укму Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабун лъугьараб буго.** Жиндие хиси гьеч1еб буго. Нужеца бит1араб бицун батаниги гьереси бицун батаниги гьеб буго нужее бугеб х1укму абун. нужеца бицеян т1алаб гьабидал дица биcанаха гьаб х1укму, киг1анго дие бокьун бук1инч1ониги рокьукъаб хабар нужее бицине.

وَقَالَ لِلَّذِي ظَنَّ أَنَّهُۥ نَاجٖ مِّنۡهُمَا ٱذۡكُرۡنِي
عِندَ رَبِّكَ فَأَنسَىٰهُ ٱلشَّيۡطَٰنُ ذِكۡرَ
رَبِّهِۦ فَلَبِثَ فِي ٱلسِّجۡنِ بِضۡعَ سِنِينَ ٤٢

**42. Цинги Юсуфица абуна туснахъалдаса къват1ив виччазе вугев г1олохъанчиясда: дуца дун вице дур ханасда аск1ове щвараб мехалъ.** Щибго г1айиб гьеч1ого бугьтанги т1ад лъун, туснахъалъув вук1ин бице гьесда. Гьев лъик1ав хан ватани гьес бит1араб жо т1алаб гьабун х1акъикъат ц1ехезе бегьула ва дунги гьаб дида т1ад лъураб бугьтаналдаса вац1ц1адавлъун лъугьине бегьула. **Щайт1аналъ Юсуфида гьеб лах1заталъ к1оченабуна цох1о Аллагьасда гуреб жиндир х1ажат гьаризе бегьулареблъи ва гьелъул г1акъуба гьабун цо чанго соналъ жив туснахъалдаги хут1ана.** Бищун дагьаб лъабго сон буго. Г1емерисел г1алимзабаца анкьго сон бугоянги абуна.

Вагьбу абулев г1алимас абуна: Аюб аварагги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ анкьго соналъ вук1ана Бет1ергьанас жиндир х1ал бихьизе унти-къварилъи т1аде биччан. Юсуф аварагги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ анкьго соналъ вук1ана туснахъалда жиндир х1албихьи гьабизе-абун.

Гьаб аяталъе цоги маг1на гьабуна: щайт1аналъ гьев г1олохъанчиясда к1очезе гьабуна Юсуфил хабар ханасда бицине абун. Гьаб к1иябго маг1на бит1араб буго. Гьеб бит1араб бук1ин бицунеб буго хадуб бугеб аяталъги. Щайт1аналъ Юсуф аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсей ва гьесда таваккал т1ами к1оченабураб г1адин, гьев г1олохъан чиясдаги

к1оченабуна ханасда Юсуфил хабар бицине. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1икмат буго гьаб. Аллагьасул изну гьеч1ого щайт1аналда гьеб жо гьабизе к1оларо ва хасго авараглъи кьезе бугев чиясул рек1елъ гьапуллъи рехизеги к1оларо.

Хирияв Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас г1емерал г1адамазе ваг1за-насих1ат гьабун, гьезие лъик1лъи гьабун, гьеб туснахъалда кколел рук1арал г1адамазе гьел г1емерал соназ кумек гьабуна, рек1елгъейги гьабуна. Жинцаго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ т1аг1ат г1ибадат г1емер гьабун гьесда г1агарлъизе, гьев жиндаса разилъизе ях1 бахъана.

Къурт1убияс абуна: Аллагьасул салам лъеяв Жабраил малаик вач1ана Юсуфихъе гьев туснахъалъув вук1адго ва абуна: «Я Юсуф, дур вацаз мун ч1вазе х1укму гьабураб мехалъ гьездаса мун лъица хвасар гьавурав?»-абун. Юсуфица абуна: «Дир Аллагьас гьавуна»-абун. Жабраилас абуна: «Гьел вацалаз мун т1аде чиго кколареб алахалда бугеб гъуялъув рехун тараб мехалъ, гьениса къват1иве лъицаха мун вахъарав?»-абун. Юсуфица абуна: «Дир Аллагьас вахъана»-абун. Жабраилас абуна: «Мун зинаялдаса лъица ц1унарав ва дудаса гьел руччабазул макроги лъица нахъч1вараб?»-абун. Юсуфица абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1унана дун ва гьес нахъч1вана руччабазул макроги»-абун. Жабраилас абуна: «Гьанже кинха дуца Аллагьасда гьарич1ого мун туснахъалдаса хвасар гьаве абун гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вижарав лагъасда аманат бит1араб?»-абун.

Цинги Юсуфица абуна: «Я Бет1ергьан Аллагь! Гьеб раг1и буго дир мац1алдаса борч1ун араб, дун жинда рек1екълъараб раг1и. Дица дуде гьарулеб буго, я Ибрагьимил ва дир херав эмен Яг1къубил Аллагь! Мун дида гурх1а ва т1асса лъугьа!»-абун. Цинги Жабраилас абуна: «Дуе г1акъуба ва х1албихьи буго мун т1уснахъалъув цо заманаялъ вук1ин»-абун.

Гьаб хабаралдаса нилъеца босизе кколеб г1ибрат ва мунпаг1ат буго, кинабго жоялъул амру Аллагьасда кодоб бук1ин ва гьесда божун, гьесда таваккал т1амун, гьесдаса квербакъи т1алаб гьабун хьвадизе т1адаб бук1инги. Киниги шарг1алда х1арамаб гьеч1о, жегиги гьабизе т1адаб жо буго нилъеца щибаб жоялъул амру цо сабабазда хурхизаби ва гьел сабабал гьоркьор ккун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъер х1ажат т1убай т1алаб гьаби.

Гьел сабабалги х1акъикъиял рук1ине ккола. Масала: вакъарав чияс лъим гьекъанин абун гьев г1орц1уларо. Къечарас квен кванани абун гьесул къечги хьваларо. Рукъов г1одовги ч1ун цо х1ажат бицун киг1ан г1емер мехалъ жив к1алъаниги гьеб х1ажат т1убаларо.

Сабабазда хурхингун цадахъ рек1елч1ей бук1ине ккола нилъеца гьеб сабаб гьабуниги гьелъул х1асил Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ бараб бук1иналда. Гьадинаб х1алалъ сабабазда хурхи шарг1алда бегьулеб жо буго.

Юсуф аварагас عَلَيْهِالسَّلَامُ: «Ханасда жив вице»-абураб раг1и цо сабаб буго, нилъеца гьединаб сабаб гьабунин абун нилъеда г1айибги ч1валаро. Гьаб бак1 ц1акъго т1адег1анал макъамазда ругел аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ бицулеб бак1 бугелъул, гьеб Юсуфица абураб раг1иги гьесул гьапуллъи ва гъалат1 бугеб г1адин бицунеб буго. Ва амма нилъеда рак1 ч1ун лъазе ккола гьеб раг1и абулеб мехалъ Юсуф عَلَيْهِالسَّلَامُ авараг Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ гъапуллъун вук1инч1еблъи. Умматалъе ваг1за-насих1аталъе Т1адег1анав Аллагьас цо-цо гьадинаб мисал бачуна ва нилълъ бит1араб нухалда хьвадизе гьелдалъун сабабги гьабула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Юсуф аварагасда عَلَيْهِالسَّلَامُ рихьарал къварилъаби рицун лъугьараб бак1 бугелъул, гьаниб рехсезе бокьун буго цо-цо исламияб диналдаги, Къуръаналдаги, жинда Къуръан решт1инабурав Мух1аммад аварагасдаги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ г1айиб г1унт1изабизе бокьарал диналъул тушбабаз Юсуфилги Зулайхалги къисса мекъаб рахъалда сверизабун, суризабун бициялде данде ч1ч1ун, ва гьел тушбабазе квербакъи гьабун сураталъул тафсир гьабулел г1алимзабацаги «Юсуфил рак1 гьесун бук1ана Зулайхада»-абураб маг1наялъул хабар бицинги нахъч1ван, Мух1аммад Г1али Сабунияс бицараб гьеб раг1и мекъаб бук1ин ч1езабулеб анц1го х1ужа ва далил:

1) Юсуф авараг عَلَيْهِالسَّلَامُ кутакалда данде ч1ана Зулайхал къасдазда гьелъ жив т1алаб гьавураб мехалъ ва гьес абуна: «Дица Аллагьасдалъун ц1уни гьарулеб буго»-абун.

2) Зулайхаца нуц1биги рахан жив т1алаб гьавураб мехалъ гьес къват1ив лъутизе къасд гьаби: нахъаса гурдеги ккун Зулайхаца жив ц1а-ц1алев вугеб мехалъги.

3) Гьел руччабаз абухъе къабих1аб жо гьабиялдаса дие ракьул гвендго бокьилин аби.

4) Т1адег1анав Аллагьас чанго бак1алда Къуръаналда Юсуф веццун аятал решт1ун рук1ин. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кин веццулев жиндир рак1алъе къабих1аб жо гьаби берцин бихьулев чи?

5) Гьит1инаб лъимер к1алъан, гьелъ нуг1лъи гьаби Юсуфида г1айиб гьеч1олъиялъе: «нахъаса горде бихъун батани гьев рит1ухъав вуго»-абун.

6) Зулайха жийго мук1урлъи руччабазул жамаг1аталъе жиндие Юсуф вокьун, жинца гьев т1алаб гьавиялъе ва гьев мут1иг1лъун гут1иялъе.

7) Юсуфица Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ах1и бай жив гьел руччабазул

макруялдаса хвасар гьаве абун.

8) Юсуф г1айибав гьеч1олъиялъе Къит1пирие ва цогидазе мух1канал г1аламатал загьирлъи ва далил-х1ужа ч1ейи.

9) Жив туснахъалдаса къват1ив вахъунгут1и ханасда цебе загьираб, баянаб х1ужа ч1ч1ун гурони жив щибго г1айиб гьеч1ого жанив т1амурав вук1иналъе.

10) Киналго руччабаз ва Зулайхаца чамго сон гьоркьоб ун хадубги нуг1лъи гьаби Юсуф вац1адав вук1иналъе ва гьев жидер макроялъе мут1иг1лъун гут1иялъе.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъеда х1акъаб жо х1акъаблъун бихьизабеги ва гьелда г1амал гьабизе тавпикъги кьеги.

وَقَالَ ٱلْمَلِكُ إِنِّىٓ أَرَىٰ سَبْعَ بَقَرَٰتٍ سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ وَسَبْعَ سُنۢبُلَٰتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَٰتٍ ۖ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمَلَأُ أَفْتُونِى فِى رُءْيَٰىَ إِن كُنتُمْ لِلرُّءْيَا تَعْبُرُونَ ﴿٤٣﴾

43. Египеталъул ханасда цо г1ажаибаб макьу бихьана ва гьелъ х1инкъизавун жинца хехго макьу къот1улел г1адамал ва г1алимзаби данде рак1арана. **Цинги ханас абуна: «Х1акълъунго Дида макьилъ бихьана анкьго ц1акъ кьарияб,** берцинаб **г1ака цоги анкьго х1алакъаб г1акаялъ жал кваналел ругел г1адин. Цогиги анкьго г1урччинаб жаниб ц1ураб т1ор бихьана, анкьго бакъвараб, жаниб мугьго гьеч1еб т1орги бихьана. Нужеца дида гьаб макьуялъул маг1на бице, я дир къавмалъул г1акълочаг1и, нужеда лъалеб батани макьу къот1изе ва гьелъул маг1на гьабизе»-абун.**

قَالُوٓا۟ أَضْغَٰثُ أَحْلَٰمٍ ۖ وَمَا نَحْنُ بِتَأْوِيلِ ٱلْأَحْلَٰمِ بِعَٰلِمِينَ ﴿٤٤﴾

**44. Гьел г1алимзабаца ва макьу къот1улез абуна: «Гьеб дуда бихьараб жо буго бит1араб ва мекъаб бат1а гьабизе лъалареб жобо-гъобораб макьу. Гьединаб макьуялъул маг1на гьабизе нижеда лъаларо ва мун разилъулеб жаваб кьезеги к1оларо»-абун.**

Гьел х1инкъана ханасе макьу къот1ун гьелъул маг1на бицине, жал мекъи ккани жидеда щолеб ццин бахъи лъан.

Ибнухат1ибица абуна: «Гьединаб макьу бихьула г1емер кванан квеш чехьги ц1езеабун кьижараб мехалъ»-абун.

وَقَالَ ٱلَّذِى نَجَا مِنْهُمَا وَٱدَّكَرَ بَعْدَ أُمَّةٍ أَنَا۠ أُنَبِّئُكُم بِتَأْوِيلِهِۦ فَأَرْسِلُونِ ﴿٤٥﴾

45. Ханасул гьаб макьуялъул хабар жинда раг1араб мехалъ **дов туснахъалдаса къват1ив вач1арав г1олохъанчиясда Юсуф рак1алде щвана.**

**Гьев Юсуфил хабарги ханасда бицун гьес абуна: «Дун вит1е Юсуфихъе, дица бач1ина ханасул макьуялъе бит1араб жаваб»-абун.**

Ханас гьев Юсуфихъе вит1ана. Цинги жив туснахъ бугеб бак1алда ун Юсуфида т1аде лъугьана ва жинца абуна.

**46. Я Юсуф! Я гьав ц1акъ бит1ун макьу къот1улев чи! Дуца нижеда бице анкьго кьарияб г1акаялъул хабар, анкьго х1алакъаб г1акаялъ жал кваналел. Анкьго г1урчинаб, жаниб ц1ураб ва анкьго бакъвараб мугь жаниб гьеч1еб т1оралъулги хабар бице. Гьеб дуца бицараб жоги босун дун ханасухъе ина ва цинги ханасдаги, кинабго халкъалдаги лъазе буго дур гьунар ва дур г1елму.**

يُوسُفُ أَيُّهَا ٱلصِّدِّيقُ أَفْتِنَا فِي سَبْعِ بَقَرَٰتٍ
سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ وَسَبْعِ
سُنۢبُلَٰتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَٰتٍ لَّعَلِّيٓ أَرْجِعُ
إِلَى ٱلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٤٦﴾

Гьеб мехалъ мун туснахъалдаса къват1ивги вач1ина иншааллагь абун. Юсуф аварагас عَلَيْهِ السَّلَام гьев г1олохъанчиясда г1айиб ч1вач1о жиндир аманат гьесда к1очана абун. Яги жинца абич1о дица макьуялъул маг1на бицинаро дун къват1ив виччазе къот1и гьабун гурони абун. Щибго жоялъул к1варго гьеч1ев чиясг1адин гьесие жаваб гьабуна.

**47. Юсуфица абуна: «Нужеца хур бекьизе буго анкьго соналъ.** Кутакалда хъулухъ гьабун гьеб бижизабизе ях1ги бахъизе буго. **Гьеб хур бак1арун щинахъе гьениса щвараб х1алухъин т1оралдаса бат1а гьабич1ого гьури, ц1ад, бакъалъ зарал гьабулареб х1алалъ ц1унизе ккола. Нужеца кванач1ого рес гьеч1еб къадар лал т1амун, хенон тасарупги гьабила»** (расход).

قَالَ تَزْرَعُونَ سَبْعَ سِنِينَ دَأَبًا فَمَا حَصَدتُّمْ
فَذَرُوهُ فِي سُنۢبُلِهِۦٓ إِلَّا قَلِيلًا مِّمَّا تَأْكُلُونَ ﴿٤٧﴾

Гьанже г1алимзабазда лъалеб г1елмияб хабар буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ункъазар сон г1агарун заманаялъ цебего Юсуфил мац1алдалъун г1адамазда малъулеб: т1орониб бугеб т1оршел рух1ч1аголъиялъ (х1апара, нац1) ва гьава бакъалъ хвезабиялдаса лъик1 ц1унараб бук1уна. Гьелъул т1аг1амалъул даражаги лъик1 ц1унун хут1ула: (витаминал, каллориял.)

**48. Цинги бач1изе буго анкьго сон, жал ц1акъ захl1матал, щибго хур-хер бижуларел, ц1адал къот1арал. Гьел соназда жаниб нужеца кваназе буго данде бак1арун, нахъе ц1унун бук1араб т1оршел. Хьодуе нахъе лъун**

ثُمَّ يَأْتِي مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ سَبْعٌ شِدَادٌ يَأْكُلْنَ مَا
قَدَّمْتُمْ لَهُنَّ إِلَّا قَلِيلًا مِّمَّا تُحْصِنُونَ ﴿٤٨﴾

**тараб дагьабго къадар т1оршел х1ут1изег1ан.**

ثُمَّ يَأْتِي مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ عَامٌ فِيهِ يُغَاثُ ٱلنَّاسُ
وَفِيهِ يَعْصِرُونَ ﴿٤٩﴾

**49. Гьелда хадуб бач1изе буго ц1акъ бечедаб лъик1аб заман, г1емер ц1адалги ралеб, пихъ-хурги бижулеб, г1адамаца ц1олбол чамастакил гьуинал лъимал (сокал) рахъулеб ва гьекъолеб жоги гьабулеб.**

Гьаб хабарги босун жиндир гьекъолеб жоялъул тадбир гьабулев г1олохъанчи т1аде вач1индал ханасе гьес бицараб жо ц1акъ бокьана ва гьес амру гьабуна Юсуф жиндихъе ваче абун. Жинда гьев вихьизе ва гьес жиндаго макьуялъул маг1на бицулебги раг1изе абун. Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго.

وَقَالَ ٱلْمَلِكُ ٱئْتُونِى بِهِۦ ۖ فَلَمَّا جَآءَهُ ٱلرَّسُولُ
قَالَ ٱرْجِعْ إِلَىٰ رَبِّكَ فَسْـَٔلْهُ مَا بَالُ ٱلنِّسْوَةِ
ٱلَّٰتِى قَطَّعْنَ أَيْدِيَهُنَّ ۚ إِنَّ رَبِّى بِكَيْدِهِنَّ
عَلِيمٌ ﴿٥٠﴾

**50. Ханас абуна: «Гьев Юсуф вачун рач1а нуж дихъе»-абун. Юсуфида хадув вит1арав чи гьесухъе щведалго гьес абуна: «Мун а дурго ханасухъе ва дуца гьесда абе дол жидеца кверал къот1арал руччабазул ах1вал-х1ал ц1ехе абун. Дир Бет1ергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1акъ лъалев вуго гьез гьабулеб бук1араб макро ва х1ила.** Гьеб нужер бет1ергьанасдаги лъан лъик1 буго дун гьаниса къват1ив вахъиналда цебе, киналго г1адамаздаги лъазе лъик1 буго дун г1айибго гьеч1ого гвендинив т1амурав чи вук1ин»-абун.

Жиндир чапар гьаб жавабги босун вач1идалго ханас жиндир божарал чаг1аздаса ц1ехана щиб къиссадай бук1ана Юсуфил ва гьел руччабазул абун. Ханасда бич1ч1идалго киназдаго лъалеб бук1ин Юсуфида г1айиб гьеч1еблъи, гьел руччаби данде рак1арана, Зулайхаги гьоркьой ккезаюн.

قَالَ مَا خَطْبُكُنَّ إِذْ رَٰوَدتُّنَّ يُوسُفَ عَن
نَّفْسِهِۦ ۚ قُلْنَ حَٰشَ لِلَّهِ مَا عَلِمْنَا عَلَيْهِ مِن
سُوٓءٍ ۚ قَالَتِ ٱمْرَأَتُ ٱلْعَزِيزِ ٱلْـَٰٔنَ حَصْحَصَ ٱلْحَقُّ
أَنَا۠ رَٰوَدتُّهُۥ عَن نَّفْسِهِۦ وَإِنَّهُۥ لَمِنَ
ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٥١﴾

**51. Цинги маликас (ханас) гьел руччабазда абуна: «Щиб квешаб ишалъе ургъун рук1арал нуж гьев Юсуфие макро гьабулеб мехалъ ва гьев нужедехун къабих1аб иш гьабиялда ах1улеб мехалъ»-абун.**

Бук1анищ гьесда кинабг1аги г1айиб? К1ваниш нужеда гьев нужедахун вуссинавизе абун. **Гьел руччабаца абуна: «Аллагь вац1адав ва Т1адег1анав вуго!** Гьес жиндие хирияв лагъ чороклъиялда виччаларо. **Нижеда щибго жо бихьич1о Юсуфил рахъалъан гьеса**

**г1айиб ч1вазе бегьулеб»-абун.** Цинги Зулайхаги рак1 парахалъун лъугьана, гьелда Аллагьас ﷻ рак1алда рехана т1убанго бит1араб бицине. **Ва гьелъ абуна: гьанже кинабго жо загьирлъулеб буго. Балъгоябги т1атулеб буго, х1акъаб жоги бергьулеб буго. дун йик1ана гьев Юсуф вокьарай ва дица вук1ана гьев т1алаб гьавулевги. Х1акълъунго, гьев Юсуф вит1арав вуго жинда г1айиб гьеч1о абураб раг1иялъулъ.**

ذَٰلِكَ لِيَعۡلَمَ أَنِّي لَمۡ أَخُنۡهُ بِٱلۡغَيۡبِ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَا يَهۡدِي كَيۡدَ ٱلۡخَآئِنِينَ ﴿٥٢﴾

**52. Гьаб дир мук1урлъиги буго Юсуфида лъазе, гьев цеве гьеч1еб мехалъ гьесда нахъаса к1алъан дица гьесул къадро хвезабич1еблъи. Х1акълъунго Аллагьас ﷻ хиянатчаг1азул макро т1убазе толаро.** Бит1араб жо загьир гьабич1огоги толаро Аллагьас ﷻ.

۞ وَمَآ أُبَرِّئُ نَفۡسِيٓۚ إِنَّ ٱلنَّفۡسَ لَأَمَّارَةُۢ بِٱلسُّوٓءِ إِلَّا مَا رَحِمَ رَبِّيٓۚ إِنَّ رَبِّي غَفُورٞ رَّحِيمٞ ﴿٥٣﴾

**53. Дица дир напс бац1улеб гьеч1о:** дун йиго ч1ужу г1адан, гьединги г1акъло заг1ипай щайт1аналъ хехго гуккулей, г1адамазе берцин бихьизе бокьун гурони щибго г1амалги гьабуларей, гьеб г1амалалъул хадуб кколеб х1асилалдаги ургъуларей. Кинг1анго макро гьабулел, х1илла бергьарал абун нижеда абуниги бихьинчиясда ц1акъ хехго кодор росизе к1ола ниж. Гьес: «Мун дие ёкьула, дур берцинлъи, дур ц1акълъи щиб абуни кинабго дунял нижеда кодоб кьунин, нижедаса ч1ух1араб жо гьеч1о абун рак1алда кколел. Цинги гьев чияс жиндир х1ажат т1убараб мехалъ х1ат1идаса бахъараб бихъараб шото (наска) г1адин рехун толел ва гьеб г1ужалъ гурони лъугьараб жоялда кант1уларел.

**Х1акълъунго инсанасул напсалъул т1абиг1атго буго жинца гьев квешаб жоялда ах1улеб.** Аллагьасе ﷻ г1асилъиялда гьев вачулеб. Дир напсги ц1акъ квешаб жоялда дун ах1араб бук1ана. Дирго къадро къимат к1очон, дир росс халкъалда цеве г1одог1анлъиялъул пикру гьабич1ого, дир напсалъе мут1иг1лъун, гьава, шагьват ва щайт1ан х1алае лъугьун Юсуф вокьун, гьесул г1олохъанлъи, берцинлъи, ч1урканлъи, каранде къан анц1гоялдасаги ц1ик1к1ун сонал индал г1адаллъана дун, ва доб сурараб ишги гьабуна.

Гьанже дие щибго сабаб гьеч1о, дун ёрч1изе бак1ги гьеч1о, дида щивго гурх1изе чиги гьеч1о. **Цох1ого Аллагь ﷻ гурх1ун, гьев т1аса лъугьун, гьес тархъан гьаюни гурони. х1акълъунго дир Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив ц1акъ гурх1улев вуго.**

Гьаб дица гьабураб тафсир ва таржама буго Ибнухат1ибица,

Мунтахаб абураб тафсиралда, Ибнукасирица гьабураб тафсир. Цоги г1алимзабаца гьаб ахираб к1иго аяталъул тафсир гьабуна гьел раг1аби Юсуф аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абурал ругин абун: «Дица гьаб рац1алъи т1алаб гьабуна Зулайхал росасда лъазе дица хиянат гьабич1еблъи». (52 аят) «Дир напсги бац1унаро дица. Инсанасул напс квешаб жоялда гьев ах1улеб буго. Х1акълъунго Аллагь гурх1ун гьес ц1унун гурони дунги квешаб жоялда ккезе бегьулаан. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1улев вуго ва жинца мунагьал рахчулевги вуго»-абун. (53 аят)

**54. Цинги маликас абуна: «Нуж рач1а гьев Юсуф дихъе вачун, дица гьев тезе вуго дидаго аск1ов. Дир вазирлъун гьавизе вуго»-абун.**

وَقَالَ ٱلۡمَلِكُ ٱئۡتُونِي بِهِۦٓ أَسۡتَخۡلِصۡهُ لِنَفۡسِيۖ فَلَمَّا كَلَّمَهُۥ قَالَ إِنَّكَ ٱلۡيَوۡمَ لَدَيۡنَا مَكِينٌ أَمِينٞ ﴿٥٤﴾

Маликасда бич1ана гьев Юсуф цо къадрокъимат бугев чи ватизе кколеблъи. **Юсуф жиндихъе вачун вач1индал ва гьесдехун к1алъан гьесул х1ал-х1укмуги ц1ехедал маликас абуна: «Дуца т1ок1аб ургъел гьабуге, гьанжеялдаса хадуб дуе божилъи ва парахалъи бук1ине буго.** Мун дуего бокьараб ишалда т1ад амирлъун гьавун, гьеб иш т1обазе тезе вуго абун.

**55. Юсуфица абуна: дуца дун гьаве дур хазиначилъун, кинабго ракьалда т1ад бугеб жоялъул тадбир гьабулевлъун. Дида гьеб х1алт1иги лъала ва дица щибго хиянат гьабич1ого гьеб иш т1убазе буго** абун.

قَالَ ٱجۡعَلۡنِي عَلَىٰ خَزَآئِنِ ٱلۡأَرۡضِۖ إِنِّي حَفِيظٌ عَلِيمٞ ﴿٥٥﴾

Гьаб Юсуфица «дун хазинаялда т1ад те» абураб жо гьеч1о гьес хъулухъ т1алаб гьабилъун, гьесул чух1и-рецц бокьилъун. Юсуфида лъадалго ханас гьев вазирлъун гьавулев вук1ин ва бокьараб иш т1ад къан тезе вук1инги, гьесул къасд ккана гьеб хъулухъалда ч1ун лъик1илан. Хазинаялъул ихтияр кодоб бугони гьеб лъик1аб х1алалъ хьвадизабизе рес бук1уна. Гьелдаса мискин-пакъирасе кумек гьабизе рес бук1уна. Маликас гьев жиндир кинабго боц1и-малалъул ихтияр кодоб бугев вазирлъун гьавуна.

**56. Гьадин к1одо гьавуна дица Юсуф ва гьесие к1удияб ихтияр кьуна Мисриялъул ракьалда т1ад жиндие бокьараб бак1алда ине, бокьаралъув ч1езе. Гьадин кьола дица дир рах1мат ва к1одолъи дие бокьарав чиясе. Дица г1адада хвезабуларо ва нукъсанги гьабуларо жидеца лъик1аб г1амал гьабурал**

وَكَذَٰلِكَ مَكَّنَّا لِيُوسُفَ فِي ٱلۡأَرۡضِ يَتَبَوَّأُ مِنۡهَا حَيۡثُ يَشَآءُۚ نُصِيبُ بِرَحۡمَتِنَا مَن نَّشَآءُۖ وَلَا نُضِيعُ أَجۡرَ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ﴿٥٦﴾

**г1адамазул ажро, дица гьезие г1емерго ц1ик1изабун лъик1аб жазаъ гьабула.**

**57. Ва амма ахираталда бугеб ажро ц1акъго лъик1аб ва т1ок1аб буго Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъун гьесдаса х1инкъун дунялалъул рокъоб г1амал гьабурал г1адамазе.**

وَلَأَجۡرُ ٱلۡأٓخِرَةِ خَيۡرٞ لِّلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَكَانُواْ يَتَّقُونَ ٥٧

Дунялалъул рокъобги кьола дица гьезие ажро: сахлъи кьун, боц1и-мал кьун, г1адамазда гьоркьоб къадро бугеллъун гьарун. Г1елму-г1акълу ва дин берцин гьабизе гьунар кьун. Ахираталда ругел ниг1матазул алжаналги абадияб рах1мат лазатги Аллагьасул гьумералда балагьизе щвейги, гьеб буго х1акъикъияб ва жиб т1алаб гьабизе кколеб ажро.

Юсуф عَلَيۡهِ السَّلَامُ аварагас сабро гьаби, гьес хиянат гьабич1олъиги, туснахъалда вук1аго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда ах1ун г1адамазе лъик1лъи гьаби бук1ана Юсуфил лъик1аб г1амал ва гьелда данде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев лагълъиялдасаги вахъун ханлъиялда лъуна. Жиндирго ч1ух1араб къапилагун шагьаралъул къот1наса униб мехалъ Зулайхада гьев вихьана ва гьелъ абуна: «Т1адег1анав Аллагьасе рецц бугоха жинда г1асилъараб мехалъ жинца ханзаби лагъзаллъун гьарулев, ва жинда мут1иг1ал лагъзал ханзабилъун гьарулев»-абун.

Гьаб раг1и Зулайхаца абиялъе сабаб бук1ана гьелъул рос Къит1пир ханас вазирлъиялдаса эркен гьавун, жиндир даража г1одог1анав лъугьун вук1ин. Цо г1алимзабаца абуна Къит1пир хун хаду Зулайха Юсуфица ч1ужулъун ячана ва гьел цадахъ г1умру гьабун рук1ана абун. Цоги г1алимзабаца абуна Юсуфица Ит1пир абулев чиясда йик1арай Раг1ила абулей ч1ужу ячана ва гьелъ жиндие к1иго васги гьавуна-абун.

Ибнукасирица абуна: гьев Ит1пир вук1ана ханасул хазиначи. Юсуф авараг عَلَيۡهِ السَّلَامُ гьеб хъулухъалда тун Ит1пир гьелдаса эркен гьавидал, гьоркьоб заманго инч1ого гьев хвана. Раян ханас гьесул йик1арай ч1ужу Юсуфие кьуна. Юсуфида гьей яс г1аданлъун ятана, дов Ит1пир руччабазда аск1ов лъугьизе гьунар гьеч1ев чи вук1иналъ. Гьей ч1ужуялдаса Юсуфие к1иго васги лъугьана. Апраим ц1ар лъурав Юсуфил васасе Нун абурав вас гьавуна, гьесул вас вуго Юшаг1 авараг عَلَيۡهِ السَّلَامُ. Рах1мат абурай ясги гьаюна, гьей йиго Аюб аварагасул عَلَيۡهِ السَّلَامُ ч1ужу. Гьал киназдаго Аллагьасул свалат салам ва рах1мат лъеги.

Г1алимзабазул тафсиралда балагьараб мехалъ к1иго бат1ияб пикро бич1ч1улеб буго. Цо пикруялда Мисриялъул Г1азиз Къит1пирги, Ит1пирги цого чи вугев г1адин ва Зулайхаги Раг1илаги цох1о ч1ужу йигей г1адин кколеб буго. Цогидаб пикроялда Мисриялъул г1азиз

Къит1пир ва Зулайха цо хъизан буго. Раян ханасул хазиначи Ит1пирги гьесул ч1ужу Раг1илаги цоги хъизан буго. гьаб иш нилъер диналъе ва г1акъидаялъе (рек1елч1ей) щибго асар гьеч1еб жо бугелъул, нилъеца мух1канлъи ц1ехезе ва бит1араб-т1екъаб ц1ехезе т1адаб масъала гьеч1о.

Мисриялъул ханас Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, Юсуфие мут1иг1лъун, гьесда нахъвилълъун, жив хан вугониги кинабго амру Юсуфида божилъи гьабун тана. Гьаб заман буго Юсуфие авараглъи кьураб заманги. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Юсуф гъуялъув рехаралдаса нахъе гьесухъе вацал рач1изег1ан гьоркьоб ана къоло к1иго сон абун.

Юсуф авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ хазиначи вук1индал ва ханасда бихьараб макьу Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вах1юялдалъун х1акъаб макьу бук1ин гьесда лъан бук1индал, гьес анкьго соналъ т1ат1алаго хур х1алт1изабиялда ва гьенисан бач1араб т1оршел нахъе ц1униялда т1ад ц1ик1к1араб к1вар кьуна. Г1емераб т1оршел ц1унулел бак1ал ран, т1ад хъаравулзаби тун, кинабго рахъалъан тадбир лъик1 гьабун г1емераб нахърател гьабуна. Цинги бакъ бана ва хур-хер бижич1ого халкъалда т1аде ракъи бач1ана. Г1емераб нахърател бугониги Юсуфил амруялда рекъон ханасги кинабго раг1иятальги (халкъ) сордокъоялда жаниб цо нухалъ гурони квен кваналеб бук1инч1о.

Цинги сверухълъиялдаса халкъ бач1ине бай бихьана т1оршел бичун босизе. Гьезул кинабго г1арац-месед, рукъалъул къайи, рет1ел-т1ех, курхьин-к1илик1 Мисриялъул хазинаялде буссулеб бук1ана. Гьаб х1алалда рук1адго Мисриялъул мадугьалихъ бугеб Канг1аназул (шамалъул) ракьалдаги ракъи бук1ана. Яг1къубида ва гьесул агьлоялдаги раг1ана Мисриялъул ханас т1оршел бичулеб бугин ва цо-цо чиясе цо вараниялда яги чуялда лъураб жо кьолеб бугин абун. Жидер бугеб къайи-ц1аги босун Яг1къубил анц1авго васги ана Мисриялда т1оршалида хадур. Гьаб хабар бицун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

وَجَآءَ إِخْوَةُ يُوسُفَ فَدَخَلُوا۟ عَلَيْهِ فَعَرَفَهُمْ وَهُمْ لَهُۥ مُنكِرُونَ ﴿٥٨﴾

**58. Цинги Юсуфил вацалги рач1ана Мисриялъул ханасдаса т1оршел босизе абун ва гьел Юсуфиде т1аде лъугьана. Гьесда лъана гьел жиндир вацал рук1ин, амма вацазда гьев лъач1о.**

Гьоркьоб заманги г1емер ун бук1индал, Юсуфги к1удияб къадроялда вук1индал, гьев гьедин вук1инин абун гьезда рак1алдаги кколеб бук1инч1елъул.

Юсуфица гьезда жив щив вугев бицинч1о ва жинда гьел лъаларел г1адин ч1ана. Гьес вацазда гьикъа-бакъи гьабуна: Щиб ракьалдаса щиб миллаталъул г1адамал нуж ругеб абун. Дозги бицана жал Канг1аналъул ракьалдаса Яг1къуб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ лъимал ругин. Нужер цоги лъимал ругищан гьикъидал, гьез абуна: цоги к1иго вас вук1ана нижер цояв гьит1инго вук1ун алахалда арав т1ад вуссинч1о ва араб бак1 лъач1ого т1аг1ана, цояв инсуца жиндаго аск1ов ч1езавуна жиндие рек1ел гьеялъе ва кумекалъе абун.

Цинги Юсуфица гьел гьалбадерил рокъоре рит1ана ва жиндир х1алт1ухъабазда гьезие лъик1аб гьоболлъи гьабе абун т1адги къана. Хадусеб къоялъ гьезие кьезе кколеб т1оршел кьун гьел нухда рег1изе х1адурлъиги гьабуна.

Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

وَلَمَّا جَهَّزَهُم بِجَهَازِهِمْ قَالَ ائْتُونِي بِأَخٍ لَّكُم مِّنْ أَبِيكُمْ ۚ أَلَا تَرَوْنَ أَنِّي أُوفِي الْكَيْلَ وَأَنَا خَيْرُ الْمُنزِلِينَ ﴿٥٩﴾

**59. Цинги гьезул сапаралда рахъулеб къайи-матах1 х1адурулаго Юсуфица абуна: «Гьанжесалалъ нуж рач1а дов эмен цадахъав вацги вачун.**

Дие гьевги вихьизе бокьун буго нужер вац вугелъул ва гьесиеги цо гьир т1оршел кьезе бокьун буго. **Нужеда дун вихьулев вуго гурищ берцинго къалиги ц1езабулев, т1аде рач1арал гьалбадерие лъик1аб хъулухъги гьабулев чи вук1ин»-абун.**

فَإِن لَّمْ تَأْتُونِي بِهِ فَلَا كَيْلَ لَكُمْ عِندِي وَلَا تَقْرَبُونِ ﴿٦٠﴾

**60. Гьевги цадахъ вачун рач1унел гьеч1они нуж дихъе рач1унге ва дида г1агарлъуге. Дица нужее т1оршел кьезе гьеч1о абун.**

قَالُوا سَنُرَاوِدُ عَنْهُ أَبَاهُ وَإِنَّا لَفَاعِلُونَ ﴿٦١﴾

**61. Вацаз абуна: «Нижеца гьесул хабар инсуда бицинаха, тамахго, гьев нижеда г1енеккулеб х1алалъ ва х1акълъунго нижеца х1ал к1вараб жо гьабила абун.**

Инсуе гьев ц1акъ вокьулелъул ва жинда аск1оса ват1алъизеги толарелъул, нижеца ях1 бахъила щиб х1илла ургъунги гьев вац цадахъ вачизе.

Гьаб бак1алда суал гьабизе рес лъугьулеб буго жиндир гьадинаб рес-мах1алги бук1аго, жив сабаблъун инсуда бугеб къварилъиги лъалелъул, Юсуф аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ щай нахъ бахъулеб жив загьир гьавизе ва инсуда роххел бицине абун. Гьелъие жаваб гьабун г1алимзабаца абуна: гьелъие сабаб буго Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас гьабулеб жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вах1юялдалъун бук1ин ва гьеб кинабго жоялда жаниб х1икмат бук1ин.

Гьел х1икматал цо-цо ккун нилъедаги рихьулел руго.

وَقَالَ لِفِتْيَٰنِهِ ٱجْعَلُواْ بِضَٰعَتَهُمْ فِي رِحَالِهِمْ
لَعَلَّهُمْ يَعْرِفُونَهَآ إِذَا ٱنقَلَبُوٓاْ إِلَىٰٓ أَهْلِهِمْ
لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Юсуфица жиндир х1алт1ухъабазда абуна гьел вацаз бач1араб къайи-ц1а гьезул турпузда жаниб лъун нахъ бусинабун бит1е абун. Гьезда рукъор щвараб мехалъ гьеб жидер къайи-ц1а батизе буго ва гьел цоги нухалъ нилъехъе т1орщел босизе рач1ине руго.**
Гьезул диналда х1арамаб жо кваналеб г1адат гьеч1о. Жидер къайи-ц1а нахъе бач1ун батидал гьеб гьанибе щвезабизе рач1ине руго гьел абун. Юсуфил мурад бук1ана жиндир вац Бинямин вачун гьел рач1иялъе сабаб гьаби.

فَلَمَّا رَجَعُوٓاْ إِلَىٰٓ أَبِيهِمْ قَالُواْ يَٰٓأَبَانَا مُنِعَ
مِنَّا ٱلْكَيْلُ فَأَرْسِلْ مَعَنَآ أَخَانَا
نَكْتَلْ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Жал рокъор щун г1одор ч1едалго, жегиги къайи-матах1 рагьич1ого бук1адго, инсуда гьез абуна: «Я нижер эмен! Нилъее т1ок1аб т1оршел кьезе гьеч1о абуна Мисриялъул х1акимас.** Гьес абулеб буго гьев цояв вацги цадахъ вачинч1ого нуж рач1ани дун нужеда щаклъизе вуго цо заралалъе ургъун руго нуж абун. **Гьанжесала нижгун ц1адахъ Биняминги вит1е нилъее т1орщел босизе. Нижеца гьев вац ц1унизе вуго.**
Ва зарал ккезе теч1ого рокъовги вачизе вуго»-абун.

قَالَ هَلْ ءَامَنُكُمْ عَلَيْهِ إِلَّا كَمَآ أَمِنتُكُمْ
عَلَىٰٓ أَخِيهِ مِن قَبْلُ فَٱللَّهُ خَيْرٌ حَٰفِظًا وَهُوَ
أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Яг1къубица абуна: дица нужеда божилъийищ гьабилеб гьав васасул рахъалъанги, цевеги нужедаги божун дица Юсуф вит1арав г1адин.** Гьесие нужеца гьабураб хиянат нужеда к1очон батаниги дида к1очон гьеч1о.
Гьевги ц1унила ва рокъов вачина абун гьаял гьедун рук1ана нужеца, амма нужеца гьеб гьа хвезабуна. Дун нужеда божуларо ва нужер ц1униялдаги божуларо. **Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жидеца ц1унулезул бищунго лъик1ав ва гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жив гурх1улев, жиндир гурх1ел рах1мо киназдаго г1аммав абун.** Дие цо васасул къварилъи х1ехьарабги г1ела, гьесда хадув гьавги вит1ун гьев к1иясулго ургъел гьабизе т1амуге дун.

وَلَمَّا فَتَحُواْ مَتَٰعَهُمْ وَجَدُواْ بِضَٰعَتَهُمْ
رُدَّتْ إِلَيْهِمْ قَالُواْ يَٰٓأَبَانَا مَا نَبْغِي هَٰذِهِۦ

**65. Цинги къай-матах1 бичун жанир раккидал гьеб т1ошелгун цадахъ жидер къайи-ц1а батана. Васаз абуна: «Я**

بِضَٰعَتُنَا رُدَّتۡ إِلَيۡنَاۖ وَنَمِيرُ أَهۡلَنَا وَنَحۡفَظُ أَخَانَا وَنَزۡدَادُ كَيۡلَ بَعِيرٖۖ ذَٰلِكَ كَيۡلٞ يَسِيرٞ ﴿٦٥﴾

**нижер эмен! Цогиги щиб лъик1лъи гьабулеб нилъее Мисриялъул х1акимас. Гьале нилъеца т1орщалихъ мухьлъун кьураб къайи-ц1а нахъе буссинабун буго.**

Гьадинав чиясухъе цоги нухалъ т1оршел босизе инч1ого кин ч1елел? **Нилъее т1оршел бач1ина, Биняминиеги цо гьир т1аде бач1ина ва нижеца гьев васги ц1унила. Гьаб нилъее ц1акъ бигьаго щолеб т1оршел босич1ого кин телеб?»абун.** Эмен тамах гьавизе бокьун, вац цадахъ вит1изе гьев мук1ур гьавизе бокьун, калам халат гьабуна васаз.

قَالَ لَنۡ أُرۡسِلَهُۥ مَعَكُمۡ حَتَّىٰ تُؤۡتُونِ مَوۡثِقٗا مِّنَ ٱللَّهِ لَتَأۡتُنَّنِي بِهِۦٓ إِلَّآ أَن يُحَاطَ بِكُمۡۖ فَلَمَّآ ءَاتَوۡهُ مَوۡثِقَهُمۡ قَالَ ٱللَّهُ عَلَىٰ مَا نَقُولُ وَكِيلٞ ﴿٦٦﴾

**66. Яг1къубица абуна: «Дица гьев Бинямин нужгун цадахъ вит1иларо нужеца дие щулияб къот1и гьабун гурони Аллагьасул ﷻ ц1аралдалъун гьедун, гьев вас нужеца рокъов вач1ина абун. Ц1акъго нужедаса бергьараб г1узро т1аде бач1ун гьев т1ад вуссинч1они гьеб нужее г1акъубалъун бук1инаро»-абун. Васаз гьес малъухъе гьа гьедун щулияб къот1и гьабидал, Яг1къубица абуна: Т1адег1анав Аллагь вугоха гьаб нилъеца бицулеб хабар жинда раг1улев ва гьелъул амру жинда т1амун толев вакил»-абун.**

وَقَالَ يَٰبَنِيَّ لَا تَدۡخُلُواْ مِنۢ بَابٖ وَٰحِدٖ وَٱدۡخُلُواْ مِنۡ أَبۡوَٰبٖ مُّتَفَرِّقَةٖۖ وَمَآ أُغۡنِي عَنكُم مِّنَ ٱللَّهِ مِن شَيۡءٍۖ إِنِ ٱلۡحُكۡمُ إِلَّا لِلَّهِۖ عَلَيۡهِ تَوَكَّلۡتُۖ وَعَلَيۡهِ فَلۡيَتَوَكَّلِ ٱلۡمُتَوَكِّلُونَ ﴿٦٧﴾

67. Гьал васал к1иабизеги Мисриялда ине х1адурлъун цадахъ Бинямингун гьел къват1ире рахъунеб мехалъ **Яг1къубица абуна: «Я дир лъимал! Нуж Мисриялде швараб мехалъ шагьаралъул цох1о рагьдухъан жанире унге. Рикь-рикьун бат1и-бат1иял рагьабахъан жанир лъугьа. Дида к1оларо Аллагьас ﷻ къадар гьабураб жо нужедаса нахъч1вазе.** Кин бугониги сабаб гьабе абун Аллагьас ﷻ амру гьабун бугелъул, нужеда бер ккеялдаса х1инкъун абулеб раг1и буго гьаб. Анц1ила цо сахав, берцинав г1олохъанчи цадахъго цо рагьдухъан жанир рач1иялъ г1адамазул рек1елъ асар гьабун бер кколев чиясул бер ккезе бегьула. Берккей абураб жо шарг1алда бугеб буго. Гьелда т1орит1ел гьабулеб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисги буго: *«Бералъ чи ракьулъе вачуна, варани хьагиниб бачуна»*- абураб. Х1адис Албаззарица бицана къуч1аблъун.

**Кинабго х1укму къадар Аллагьасда ﷻ кодоб буго ва гьесде буго дица таваккал т1амулебги. Киналго таваккал т1амулел г1адамазги гьев Аллагьасде т1аме абе таваккал.**

وَلَمَّا دَخَلُوا۟ مِنْ حَيْثُ أَمَرَهُمْ أَبُوهُم مَّا كَانَ
يُغْنِى عَنْهُم مِّنَ ٱللَّهِ مِن شَىْءٍ إِلَّا حَاجَةً
فِى نَفْسِ يَعْقُوبَ قَضَىٰهَا ۚ وَإِنَّهُۥ لَذُو عِلْمٍ لِّمَا
عَلَّمْنَٰهُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ
لَا يَعْلَمُونَ ٦٨

**68. Жидер имсуца малъухъе васал шагьаралде жанире бат1и-бат1ияб рагьдухъан лъугьана. Гьаб ишалъ Аллагьасул ﷻ х1укму-къадаралдаса щибго жо хисизабулеб бук1инч1о, цох1ого Яг1къубил гьари т1убан, гьесул напсалда жаниб ккараб бер ккеялъул х1инкъи т1аса инаби гуреб.**

Цох1о рагьдухъан жал лъугьун рук1аралани, цинги бер ккейги загьирлъун бук1арабани, гьезда г1айиб ч1вазе сабаб лъугьунеб бук1ана. **Гьев Яг1къуб авараг عليه السلام дица лъазабун жинда г1елму лъалев вук1ана.** Гьесда лъалаан жиндир сабабаз Аллагьасул ﷻ къадар нахъе ч1валареблъи. **Ва амма г1адамазул г1емерисел жидеда лъаларел руго дица дие рокьарал г1адамазе кьолел хиралъаби ва т1ок1лъаби.**

وَلَمَّا دَخَلُوا۟ عَلَىٰ يُوسُفَ ءَاوَىٰٓ إِلَيْهِ أَخَاهُ ۖ
قَالَ إِنِّىٓ أَنَا۠ أَخُوكَ فَلَا تَبْتَئِسْ بِمَا
كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ٦٩

**69. Гьел вацал Юсуфиде т1аде лъугьараб мехалъ, гьес жиндир вац Бинямин жиндир каранда къана ва гьес абуна: «Дун дур вац Юсуф вуго.** Амма дуца гьаб хабар гьел цогидал вацаздаса балъго гьабе. **Ва дур рак1 къварилъуге гьел вацаз цебеккун гьабун бук1араб жоялда.** Аллагьас ﷻ нилъ данде гьаруна, гьалдаса хадуб цоги лъик1лъи бук1ина нилъее»-абун.

Г1алимзабаца абуна: Юсуфица гьоболлъи берцин гьабун гьел вацал к1ик1и цадахъ гьарун цо-цо рукъор регизе рит1ана, Бинямин цох1ого хут1идал гьев дица дидаго аск1ов тела абуна. Цинги гьесда жив Юсуф вук1ин бицун гьев каранда къан воххун сордо рогьана. Хадуб Биняминида абуна дица мун гьанив хут1изе х1илла гьабила, дуца гьеб вацазда бицунге абун.

فَلَمَّا جَهَّزَهُم بِجَهَازِهِمْ جَعَلَ ٱلسِّقَايَةَ
فِى رَحْلِ أَخِيهِ ثُمَّ أَذَّنَ مُؤَذِّنٌ أَيَّتُهَا ٱلْعِيرُ
إِنَّكُمْ لَسَٰرِقُونَ ٧٠

**70. Цинги гьел вацал къайи-матах1 босун т1ад руссун ине х1адурулеб мехалъ, Юсуфица амру гьабуна жиндир х1алт1ухъабазда сайидасул жаниб т1ун лъим ва гьекъел гьекъолеб меседил сах1 Биняминил къаялда гьоркьоб лъе абун.**

Къапила нухде бахъун шагьаралдаса къват1ибе лъугьилелдего **цо ах1улев чияс ах1ана: «Я гьаб къапила! Х1акълъунго нуж ц1огьаби рук1ун руго»-абун.**

**71. Юсуфил вацал тамашалъун хут1ана. Гьел нахъ руссана ва гьез абуна: «Щиб-жо нужер билун бугеб, ва щиб нужеца ц1ехолеб?-абун.** قَالُوا۟ وَأَقْبَلُوا۟ عَلَيْهِم مَّاذَا تَفْقِدُونَ ﴿٧١﴾

**72. Гьел х1алт1ухъабаз абуна: нижер сайидасул меседил сах1 билун буго.** قَالُوا۟ نَفْقِدُ صُوَاعَ ٱلْمَلِكِ وَلِمَن جَآءَ بِهِۦ حِمْلُ بَعِيرٍ وَأَنَا۠ بِهِۦ زَعِيمٌ ﴿٧٢﴾ Гьеб нужеца бикъун батиялда щаклъулел руго ниж. Нужеца ц1акъ х1алихьатаб жо гьабун буго. Гьадиг1ан берцинаб гьоболлъиги гьабураб мехалъ, цогидал г1адамазе кьолелдаса г1емер т1оршелги кьедал, гьединаб иш гьабизе бегьилищ нужеца абун к1ал гьикъи гьабуна. Киг1анго гьел нижеца гьеб сах1 бикъич1ин к1алъаниги х1алт1ухъабаз г1инт1амич1о ва гьез абуна: «**Гьеб меседил сах1 нахъе кьурав чиясе цо гьир т1оршел кьезе буго ва дун гъокье ч1арав вуго гьаб къот1и т1убазабизе»-абун.** Амма гьеб нахъеги кьеч1ого, нижеца ч1ухьги бан хадуб нужер цонигиясухъ гьеб батани, ц1акъ квешаб г1азабги гьабизе буго абун.

**73. Юсуфил вацаз абуна: «Таллагьи, нужеда лъала ниж ц1огьаби гьеч1еблъи ва ниж гьаб Мисриялъул ракьалда рач1ун гьеч1еблъи пасалъи ва зулму гьабизе»-абун.** قَالُوا۟ تَٱللَّهِ لَقَدْ عَلِمْتُم مَّا جِئْنَا لِنُفْسِدَ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا كُنَّا سَـٰرِقِينَ ﴿٧٣﴾

Нижер диналда жаниб чияр боц1и-мал бикъи ц1акъго х1арамаб жо буго, нижеца щивго чиясе заралги гьабуларо. Аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ наслоялъул г1адамазда гьединаб иш кин рекъолеб? Сапаралъ унаго нижер х1айваназул к1алазда т1ад таргьа бухьун бук1уна, гьел х1айваназ чияр хуриса, харимиса кваназе гурин абун. Гьадиг1ан берцинаб гьоболлъи нижее гьабурав чиясул рокъосан жо кин нижеца бикъулеб? Гьес нижер т1оршалихъ кьураб мухь нахъе бит1ун батидал, гьебги босун, гьелъул х1акъикъат ц1ехезе рач1ана ниж гьанире»-абун.

**74. Юсуфил х1алт1ухъабаз абуна: «Нагагь нуж гьереси бицулел ратани щиб х1укмуха нужее бук1ине бугеб нужерго шарг1алда рекъон»-абун.** قَالُوا۟ فَمَا جَزَٰٓؤُهُۥٓ إِن كُنتُمْ كَـٰذِبِينَ ﴿٧٤﴾

**75. Вацаз абуна: гьеб ишалъе жазаъ бук1ине буго гьеб сах1 жиндихъ батарав чи нужехъе кьун тей. Гьединаб жазаъ гьабула нижер шарг1алда рекъон жидеца** قَالُوا۟ جَزَٰٓؤُهُۥ مَن وُجِدَ فِى رَحْلِهِۦ فَهُوَ جَزَٰٓؤُهُۥ ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلظَّـٰلِمِينَ ﴿٧٥﴾

**зулму гьабулел г1адамазе»-абун.**

Яг1къубил диналда рекъон жинца жо бикъарав чи, гьелъул бет1ергьанасе лагълъи гьабизе кьолев вук1ана.

Цинги гьел нахъе руссизарун Юсуф вугеб бак1алда рач1ана ва гьезул къаялъул ц1ех-рех гьабизе х1укму гьабуна.

فَبَدَأَ بِأَوْعِيَتِهِمْ قَبْلَ وِعَآءِ أَخِيهِ ثُمَّ
ٱسْتَخْرَجَهَا مِن وِعَآءِ أَخِيهِ ۚ كَذَٰلِكَ كِدْنَا
لِيُوسُفَ ۖ مَا كَانَ لِيَأْخُذَ أَخَاهُ فِى دِينِ
ٱلْمَلِكِ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ ۚ نَرْفَعُ دَرَجَٰتٍ مَّن
نَّشَآءُ ۗ وَفَوْقَ كُلِّ ذِى عِلْمٍ عَلِيمٌ ﴿٧٦﴾

**76. Къай-матах1алъул ц1ех-рех гьаби байбихьана гьит1инав вацасулалдаса ццебеккун цогидал ваццалазул къаялда валагьун.**

Къатадат абулев г1алимас абуна: вацал щаклъич1ого рук1ине байбихьана цогидал вацалазул къайи-матах1алъул хал гьаби. Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас цонигиясул таргьаялда квер хъвалеб бук1инч1о ва гьеб рагьулеб бук1инч1о, жинца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ т1асалъугьи гьарулев вук1ун гурони: гьел вацазда г1айиб гьеч1ого гьаб иш гьабулеб бук1иналъ.

Киназулго къай-матах1алда валагьун хадуб Биняминиде эрга щвараб мехалъ гьес абуна: гьав нужер бищунго гьит1инав вихьула дида, гьесул къай-матах1алда валагьиларо дун, гьас гьеб сах1 босунго батиларо абун. Жидер г1айиб гьеч1олъиялда рак1 ч1ун рук1иналъ вацаз абуна: Гьесул къаялдаги валагье мун. Гьаб кинабго х1алт1иги гьабун хадубги нужер нижедехун щаклъи хут1изе бокьун гьеч1о нижее абун. Цинги гьесул таргьа рагьун валагьидал Юсуфида гьениб жаниб батана ханасул меседил сах1.

**Цинги гьеб сах1 жиндир вац Биняминил таргьинисан къват1ибе босана.** Нечон, гьабизе жо т1аг1ун, бут1рул г1одоре къулун, вацал нахъег1ан къана. Цинги Биняминидаги семана. Кин к1вараб дуда гьеб жо гьабизе абун. Жинца лъеч1о гьеб сах1 таргьиниб ва жинда гьеб гьениб бук1инги лъаларо абун Бинямин гьа гьедун к1алъаниги гьесул раг1иялдаги гьел божич1о. Халкъалда ццере ниж суризаруна дуца я Рах1илил вас абуна. Рах1ил йиго гьев Биняминил ва Юсуфил эбел.

**Гьадин х1илла малъана дица Юсуф аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ**, гьесда аск1ов Бинямин хут1изавизе. Гьесие ихтияр бук1инч1о Мисриялъул г1адамазул г1адаталда рекъон жиндир вац лагълъун кквезе ва жинда аск1ов тезе.** Гьезул г1адаталда ц1огьор вухулев вук1ана ва жинца бикъаралдасаги г1емераб жо бец1изабулеб бук1ана. **Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьун ва гьесул кумекалдалъун хут1ана Бинямин Юсуфида аск1ов.** Гьаб раг1иялъги т1орит1ел гьабулеб буго Юсуфица гьабураб х1илла Аллагьасул вах1юялдалъун бук1иналда.

**Дие бокьарав чиясул даража дица т1ок1 гьабула ва т1адег1ан гьабула.** Юсуф авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ т1ок1 гьавурав г1адин жиндир вацаздаса: гьесие аварарглъиги ва халкъалъ к1одо гьавиги кьун. Гьединго Юсуфие г1елму-лъайги кьуна гьел вацазе кьуралдаса г1емераб. **Щивав жинда жо лъалев чиясдаса т1адехун вук1уна гьесдаса ц1ик1к1ун жо лъалев чи.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб жо буго г1елму ва гьеб щивасе бат1и-бат1ияб къаг1идаялъ ва бат1и-бат1ияб жоялъулъ кьун буго. Цо чи жиндие бугеб г1елмуялдаса ч1ух1изе бегьуларо. Гьесдасан ц1ик1к1ун жо лъалел г1адамал рук1уна ва х1акъикъияб, камилаб, кинабго жоялда щвей гьабулеб лъай цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гурони гьеч1о.

**77. Юсуфил вацаз абуна: «Гьев Биняминица гьеб сах1 бикъун батани:** (амма гьеб божизе зах1матаб жо буго ва живго Биняминги мук1урлъун гьеч1о гьеб бикъиялъе). **Гьеб ц1огь буго цебего заманаялъ гьесул вацасги гьабураб г1адаб ц1огь»-абун.**

۞قَالُوٓاْ إِن يَسۡرِقۡ فَقَدۡ سَرَقَ أَخٞ لَّهُۥ مِن قَبۡلُۚ فَأَسَرَّهَا يُوسُفُ فِي نَفۡسِهِۦ وَلَمۡ يُبۡدِهَا لَهُمۡۚ قَالَ أَنتُمۡ شَرّٞ مَّكَانٗاۖ وَٱللَّهُ أَعۡلَمُ بِمَا تَصِفُونَ ٧٧

Юсуф аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жив гьит1инав вугеб мехалъ эбелалъул инсул (к1удияв имсул) меседил хъанч бикъун бук1ана, гьез Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабич1ого бук1ине, ва гьеб хъанчие сужда гьабич1ого бук1ине. **Гьез абураб раг1и Юсуфица жаниб бахчана ва гьеб загьир гьабун, гьезда г1айиб ч1ван к1алъач1о. Юсуфица жиндирго напсалъулъ (жиндиего раг1ун) абуна: нуж ц1акъ квешал руго нужеца гьабураб ишалъулъ.** Гьав Биняминидаги дидаги г1айиб ч1вазе рес киб бугеб нужее? Нужеца гурищ инсуе бищунго хирияв нужер вац викъун гьесухъангун гъуялъув рехарав, хадуб лагълъун гьавун щибго хайир гьеч1ел кепказухъ вичарав!-абун

**Т1адег1анав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца ургъун рицулел жалазул х1акъикъат.** Гьеб х1акъикъат киназдаго лъазе заманги г1агарлъулеб буго. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гьеб амру кват1ич1ого нужееги загьирлъила ва нуж нечон рук1ина гьел раг1аби абиялдаса.

**78. Вацаз хадубги абуна: «Я гьав къадро к1удияв х1аким! Х1акълъунго гьев васасул эмен вуго ц1акъ к1одолъарав, херав чи.**

قَالُواْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡعَزِيزُ إِنَّ لَهُۥٓ أَبٗا شَيۡخٗا كَبِيرٗا فَخُذۡ أَحَدَنَا مَكَانَهُۥٓۖ إِنَّا نَرَىٰكَ مِنَ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٧٨

Цевеги цоги вас т1аг1ун, гьесухъ рак1 унтун, г1емер г1одун беццлъизе г1агарлъун вугев. Гьанже гьав васги рокъов вач1инч1они гьес гьеб къварилъи х1ехьеларо. Т1аде жоялъеги

гьав вас нижеца г1емер гьарун гьа гьедун, нижгун цадахъ рокъове вачизе щулияб къот1и гьабун виччазавурав вуго Мисриялда. Дудаги гьеб лъала. Дуца вачеян абидал вачана нижеца гьав нижгун цадахъ. **Нижеда мун ц1акъ лъик1ав чилъун вихьун вуго ва лъик1лъи гьабулел, къадро-къимат бугел г1адамазул чиги вуго мун. Дуца нижер цояв вац те дуда аск1ов дуе лагълъун вук1ине гьав Биняминил бак1алда.** Ва гьев нижгун цадахъ нахъе виччай, гьесул херав инсуда гурх1ун»-абун. Юсуфил рак1 тамах гьабизе бокьун г1езег1анго гьари-х1ели гьабуна вацаз. Киг1анго гьезда рак1 гурх1аниги ва жиндир эмен рак1алде щун гьесда рак1 гурх1аниги, Юсуфие рес бук1инч1о Аллагьасул амруялдалъун гьабураб гьаб иш раг1алда бахъич1ого, гьоркьоб бак1алдаго реххун тезе.

قَالَ مَعَاذَ ٱللَّهِ أَن نَّأۡخُذَ إِلَّا مَن وَجَدۡنَا مَتَٰعَنَا عِندَهُۥٓ إِنَّآ إِذٗا لَّظَٰلِمُونَ ٧٩

**79. Юсуфица абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1унаги дун дица зулму гьабулев лъун вук1ине! щибго жинда г1айиб гьеч1ев чи кин дица лагълъун гьавулев? Дида к1оларо жиндихъ сах1 батарав чи гурони дида аск1ов тезе. Нагагь цогидав вац гьанив тани, Х1акълъунго дунги, дир ханги г1адамазе зулму гьабулел чаг1илъун рук1уна.** Нижее гьеб ищ бокьун гьеч1о. Ниж гьаб ракъиги т1аде бач1ун къварилъи ккун бугеб халкъалъе кумек гьабулел г1адамал руго. Нижее бокьиларо халкъалда ццебе нижеда г1айиблъун бук1унеб жо гьабизе»-абун.

فَلَمَّا ٱسۡتَيۡـَٔسُواْ مِنۡهُ خَلَصُواْ نَجِيّٗاۖ قَالَ كَبِيرُهُمۡ أَلَمۡ تَعۡلَمُوٓاْ أَنَّ أَبَاكُمۡ قَدۡ أَخَذَ عَلَيۡكُم مَّوۡثِقٗا مِّنَ ٱللَّهِ وَمِن قَبۡلُ مَا فَرَّطتُمۡ فِي يُوسُفَۖ فَلَنۡ أَبۡرَحَ ٱلۡأَرۡضَ حَتَّىٰ يَأۡذَنَ لِيٓ أَبِيٓ أَوۡ يَحۡكُمَ ٱللَّهُ لِيۖ وَهُوَ خَيۡرُ ٱلۡحَٰكِمِينَ ٨٠

**80. Бинямин хвасар гьавиялдаса жидер т1обанго хьул къот1араб мехалъ, гьел вацал г1адамаздаса рик1к1алъана ва жалго цо-цазде зигардизе ва мушавара гьабизе лъугьана. Гьезул к1удияв вацас абуна: «Нуж киназдаго лъалаха имсуца кинаб щулияб къот1и босун бук1араб ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1аралдалъун нуж гьедун рук1араблъиги гьев Бинямин рокъов вачун рач1ине. Гьелдаса цебе Юсуфил х1акъалъулъ лъугьараб жоги ва гьесие гьабураб зулмуги, гьев инсухье вачун рач1инч1еб мехалъ гьесда щвараб къварилъиги бихьанаха нужеда.**
Гьанже кинха нилъ инсухъе унел гьав вацги гьанив тун ва щибжо гьесда бицунеб? Щиб нилъеца бицаниги гьанже гьев нилъеда божуларо. **Дида к1оларо гьаб Мисриялъул ракьалдаса къват1ив вач1ине гьев инсул изну дие щун гурони. Яги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие цо х1укму гьабун**

**гурони.** Дица Бинямин хвасар гьавизе ях1 бахъила ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кумек гьабун дида гьеб иш бажарила, яги Аллагьасул къадар щун дун гьанивго хвела. **Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго ц1акъ бит1араб ва инсанасе жинда жаниб мунпаг1ат бугеб х1укму гьабулев»-абун.** Дун гьанивго ч1ела ва Биняминидаса рик1к1алъиларо. Имсулги цодагьабниги рак1 г1одоб биччала дунги гьевгун цадахъ гьанив вук1ин лъараб мехалъ.

**81. Нуж т1ад руссун а, нужерго имсухъе ва нужецаги абе; «Я нижер хирияв эмен! Гьев дур васас ханасул сах1 бикъун батанаха! Нижеца дуе бицулеб жоги гьеч1о нижерго берazда бихьун нижеда лъараб жо гурони.**

ٱرۡجِعُوٓاْ إِلَىٰٓ أَبِيكُمۡ فَقُولُواْ يَٰٓأَبَانَآ إِنَّ
ٱبۡنَكَ سَرَقَ وَمَا شَهِدۡنَآ إِلَّا بِمَا عَلِمۡنَا
وَمَا كُنَّا لِلۡغَيۡبِ حَٰفِظِينَ ٨١

Нижедаги бихьун гьеб сах1 къват1ибе босана гьесул таргьиниса. **Нижеда Биняминица гьеб ц1огь гьабилеблъиги лъалеб бук1инч1о дуе гьа гьедун къот1и гьабулеб г1ужалъ.** Гьес гьеб бикъулеб мехалъги нижеда гьеб жо лъач1о. Нижеца телароан Бинямин гьеб ц1огь гьабизеян. Жегиги нижеда лъаларо унгого гьес сах1 бикъунищ бугеб, яги гьеб сах1 цогидаз гьесул къаялда цадахъ лъунищ бугеб. Бинямин мук1урлъич1о жинца гьеб бикъана»-абун.

**82. «Гьаб нижеца бицараб жо бит1араб бук1ин лъазе дуца цоги г1адамалги рит1ун ниж ун рук1араб Мисриялъул шагьаралъул г1адамазда гьикъе, яги нижгун цадахъ гьенир рук1ун т1ад руссун рач1арал нилъер ракьцоял г1адамазда гьикъе. Х1акълъунго ниж рит1ухъал руго гьаб хабаралъулъ ва нижеца Биняминие хиянат гьабич1о»-абун.**

وَسۡـَٔلِ ٱلۡقَرۡيَةَ ٱلَّتِي كُنَّا فِيهَا وَٱلۡعِيرَ ٱلَّتِيٓ
أَقۡبَلۡنَا فِيهَاۖ وَإِنَّا لَصَٰدِقُونَ ٨٢

Гьаб насих1атги гьабун к1удияв вац Рувайбилица гьел нухда рег1ана ва гьев Мисриялда ч1ана. Вацал рокъор щвараб мехалъ гьаб цебехун бицараб х1алалъ васаз имсуда жидер ккараб жо баян гьабуна. Ццебеги гьезул хиянат бихьун бук1индал гьеб хабаралда Яг1къуб عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ авараг божич1о, ва гьес абуна:

**83. Нужер напсаз гьанжеги цо сурукъаб иш гьаби берцин бихьизабун бугоха.** Гьев Мисриялъул х1акимасда кин лъараб нилъер ракьалда, Ибрагьимил диналда бугеб, жинца жо бикъарав чи лагълъун толеб х1укму? Гьеб нужеца бици гьеч1ищ нужеда божун гут1иялъе сабаб абун. Васаз абуна: «Я нижер эмен! Ниж ц1акъ божарал рук1ана нижеца сах1 бикъун гьеч1олъиялда, гьеб сах1 Бинямиnil къаялда

قَالَ بَلۡ سَوَّلَتۡ لَكُمۡ أَنفُسُكُمۡ أَمۡرٗاۖ
فَصَبۡرٞ جَمِيلٌۖ عَسَى ٱللَّهُ أَن يَأۡتِيَنِي بِهِمۡ
جَمِيعًاۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلۡعَلِيمُ ٱلۡحَكِيمُ ٨٣

гьоркьоб бук1инги лъалеб бук1инч1о нижеда. Гьедин бук1иналъ бицана нижеца нилъер диналда бугеб х1укму, нижер рац1ц1алъи бихьизабизе бокьун»-абун.

Киниги Яг1къубил щаклъи т1аса инч1о ва гьес абуна: **Дие т1ок1аб сабаб гьеч1о ва кумекги гьеч1о Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **мугъ ч1ван берцинаб сабро гьабун ч1ей гуреб. Дир гьесда хьулги буго жинца гьел васал киналго цадахъ дихъе рачун рач1илин ва дир берги гьелдалъун боххилин абун. Х1акълъунго Аллагь вуго жинда дир х1ал лъалев ва жинца гьабулеб тадбиралъулъ х1икмат-пайда бугев»-абун.**

**84. Цинги Яг1къуб авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьел васалаз бицараб хабар рихун гьездаса вуссана ва Аллагьасде зигара загьир гьабун абуна: «Ва дир рек1ел къварилъиха Юсуф сабаблъун»-абун.**

وَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَٰٓأَسَفَىٰ عَلَىٰ يُوسُفَ وَٱبْيَضَّتْ عَيْنَاهُ مِنَ ٱلْحُزْنِ فَهُوَ كَظِيمٌ ﴿٨٤﴾

**Гьедин рек1ел къварилъиялъ ва г1емер г1одиялъ Яг1къубил бералги хъах1ал лъугьана.** Беразул кьер хисун гьезул канлъиги ана. **Ц1акъго щцим бахъун ва гьеб щцим жаниб бахчун вук1ана Яг1къуб.** Гьелъул зах1малъи бук1ана Яг1къубил канлъи ине гьабураб, гьесул мугъги къулизабураб.

Абусаг1удица абуна: Биняминги ват1алъун гьесухъе рак1 къварилъун вугев Яг1къубица Юсуфил ц1ар щай бахъараб абуни гьаб къварилъи ва пашманлъи бицараб бак1алда, гьелъие г1илла буго: ц1ияб къварилъиялъ гьоркь бук1араб рак1алда щвезабула ва гьеб багъаризабула. Жиндир рак1 бакъваялъеги, черх заг1иплъиялъеги, канлъи дагьлъиялъеги сабаблъун ккарав Юсуф вук1индал рехсана Яг1къубица гьесул ц1ар. Гьелдаги т1ад Яг1къубида Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ вах1ю гьабун, гьесда якъинго лъалеб бук1ана гьел васал ч1аго рук1ин ва гьел т1ад руссун рач1иялъухъ г1ащикълъун вук1ана.

Юсуф аварагасулги عَلَيْهِ السَّلَامُ хьул бук1ана жив эменгун данделъилин абун ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц1об рах1маталда божунги вук1ана. Гьесул ваццалазул рек1елъ кидаго багъулеб бук1ана инсуда бугеб гурх1елалъулги, гьесда Юсуф к1очон тунгут1иялдалъун бугеб х1ал хъублъиялъулги к1иго бат1ияб асар.

85. Гьедин бугелъул **васаз абуна: гьанжеги дуца Юсуф рак1алда щвезавулев вугоха ва гьесухъ рак1ги къварид гьабулеб буго. Бичасх1аги, дуда гьеб къварилъи к1очон толеб гьеч1о мун унтун гьоркь**

قَالُواْ تَٱللَّهِ تَفْتَؤُاْ تَذْكُرُ يُوسُفَ حَتَّىٰ تَكُونَ حَرَضًا أَوْ تَكُونَ مِنَ ٱلْهَٰلِكِينَ ﴿٨٥﴾

**хут1изег1ан. Яги дуда хвел т1аде щвезег1ан»-абун.**

قَالَ إِنَّمَآ أَشۡكُواْ بَثِّي وَحُزۡنِيٓ إِلَى ٱللَّهِ وَأَعۡلَمُ مِنَ ٱللَّهِ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ٨٦

**86. Яг1къубица абуна: «Х1акълъунго дица дир пашманлъи ва къварилъи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бицунеб буго, гьесде бикьулебги буго. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца дие кумек гьабизе к1олевги.**

Нужеда гьеч1о дир божи ва мугъч1вай, нужер кумекалда хьуллъунги гьеч1о дун. **Гьелда т1адеги дида лъала, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида лъазабун бук1ун, нужеда лъалареб жоги»-абун.** Гьесул ц1об-рах1маталъул г1ат1илъи, гурх1ел-рах1моялъул г1орхъи гьеч1олъи лъала дида. Гьедин бугелъул дир хьул буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дидаса гьаб пашманлъи т1аса босилин абун.

Аллагьасул рахъалъан вах1ю гьабун Яг1къуб аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ лъазабуна жиндир х1албихьи гьабиялъул ахир г1агарлъун бук1ин ва гьесул васал т1аде руссунеб заманги щун бук1ин. Цинги ц1идасан васалги данде ах1ун, гьездехун абуна:

يَٰبَنِيَّ ٱذۡهَبُواْ فَتَحَسَّسُواْ مِن يُوسُفَ وَأَخِيهِ وَلَا تَاْيۡـَٔسُواْ مِن رَّوۡحِ ٱللَّهِۖ إِنَّهُۥ لَا يَاْيۡـَٔسُ مِن رَّوۡحِ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلۡقَوۡمُ ٱلۡكَٰفِرُونَ ٨٧

**87. «Я дир васал! Нуж ае гьанжеги Мисриялда, ва нужеца ц1ех-рех гьабе Юсуфилги, гьесул вацасулги хабаралъул. Нужер хьулги къот1уге Аллагьасул рах1маталдаса.**

Гьесул рах1мат ц1акъ г1ат1идаб буго, гьелъие г1орхъи-рахъги гьеч1о. **Х1акълъунго Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рах1маталдаса хьулги къот1уларо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккураб, гьесул къудрат лъалареб къавмалъул гурони»-абун.** Цинги гьел вацал жидер варанаби рачун, гьезда т1ад сапаралъе х1ажатаб жо лъун къват1ире рахъана ва Мисриялде щун, Юсуф аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ т1аде ана.

فَلَمَّا دَخَلُواْ عَلَيۡهِ قَالُواْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡعَزِيزُ مَسَّنَا وَأَهۡلَنَا ٱلضُّرُّ وَجِئۡنَا بِبِضَٰعَةٖ مُّزۡجَىٰةٖ فَأَوۡفِ لَنَا ٱلۡكَيۡلَ وَتَصَدَّقۡ عَلَيۡنَآۖ إِنَّ ٱللَّهَ يَجۡزِي ٱلۡمُتَصَدِّقِينَ ٨٨

**88. Юсуфиде т1аде лъугьараб мехалъ гьез абуна: «Я гьав къадро к1удияв х1аким! Нижедаги, нижер агьло-хъизаназдаги ракъиялъул зах1малъи щун буго.**

Дуца нижее кьураб т1аг1амги нижеца кванан ва цогидазе кьун лъуг1улеб буго. **Гьанже духъе ниж рач1ун руго ц1акъго къадараб мухьги босун.** Кинабго жо бичулев чияс нахъч1валеб, жиндир къимат хвараб мухь буго гьеб. Ибнуг1аббасица абуна: гьел рук1ана жидехъ т1аг1ам бичуларел ва жидер къимат гьеч1ел диргьамал абун.

**Гьеб мухь къадараб бугониги дуца нижее къали ц1езабун боце. Дуца**

**нижее Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1оло лъик1лъи гьабе.** Гьев нижер вац нахъе виччай (яги нижее дагьабги т1оршел бечче). **Х1акълъунго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъик1аб жазаъ гьабула садакъа кьолел ва цогидал лъик1лъаби гьарулел г1адамазе»-абун.** Вацазул х1ели бихьидал ва гьезул раг1иялъул х1еренлъиги бихьидал, Юсуфил рек1елъ гурх1елалъул пашманлъи лъугьана, гьев г1одизе г1агарлъана ва гьес абуна:

**89. Нужеда лъалищ нужеца Юсуфие гьабун бук1араб х1илла ва къадараб пиша, гьесул вацасеги гьабулеб бук1араб къварилъи, гьев к1иявго инсуе г1емер вокьулев вук1ин рихун? Гьеб заманалъ нуж г1акъло гьеч1елги рук1анаха»-абун.**

قَالَ هَلْ عَلِمْتُم مَّا فَعَلْتُم بِيُوسُفَ وَأَخِيهِ إِذْ أَنتُمْ جَٰهِلُونَ ﴿٨٩﴾

Гьезда г1айиб ч1вайгун цадахъ гьезие г1узруги бачулеб буго: «Гьеб иш нужеца гьабуна нужер г1акълу дагьлъиялъ»-абун. Гьаб буго насих1ат гьабулел нухазул к1вар бугеб къаг1ида.

Инсан гьесул мунагь- хат1аялда кант1изави, гьелдаго цадахъ гьесие цо щиб бугониги г1узро бицун гьев тавбо гьабиялда ва рак1 бух1иялда гьесизави. «Мун ц1акъ квешав чи вуго, дуца гьабураб иш ц1акъ к1удияб мунагь буго»-абун, цоги т1аде жоги бичич1ого гьев чи тараб мехалъ, гьесул Аллагьасул гурх1елалдаса хьул къот1ула, яги щайт1аналъ гьав насих1ат чиясда щим бахъиялда гьесизавун, гьесие квеш бук1изе абун, жинца жегиги к1удиял мунагьал гьарула.

Юсуфица гьеб суал кьураб мехалъ вацазул рак1азулъ г1ажаибаб асар лъугьана ва гьел гьев х1акимасул амруялъулъ щаклъана.

**90. Вацаз абуна: «Я гьарин, мун унго-унгоги Юсуф г1аги гьеч1ищ?»-абун. Гьес абуна: «Дун Юсуф вуго ва гьавги дир вац Бинямин вуго. Х1акълъунго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нижеда гурх1ел-ц1об гьабуна.**

قَالُوٓاْ أَءِنَّكَ لَأَنتَ يُوسُفُ قَالَ أَنَا۠ يُوسُفُ وَهَٰذَآ أَخِي قَدْ مَنَّ ٱللَّهُ عَلَيْنَآ إِنَّهُۥ مَن يَتَّقِ وَيَصْبِرْ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٩٠﴾

Къварилъиялдаса хвасар гьаруна, г1емераб заман гьоркьоб ун хадуб ниж дандеги гьаруна. Г1адамаз г1одорег1ан гьарулел рук1арал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ц1акъ к1одоги гьаруна. **Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндаса х1инкъарав, жинда бач1араб къварилъиялда сабро гьабурав чиясул ва жидеца лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал муъминзабазул ажро-кири мукъсан гьабуларев»-абун.**

**91. Вацаз абуна: таллагьи, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун нижедаса т1ок1 гьавун вуго ва нижедаса хира гьавун т1аса вищунги вуго.**

قَالُواْ تَٱللَّهِ لَقَدْ ءَاثَرَكَ ٱللَّهُ عَلَيْنَا وَإِن كُنَّا لَخَٰطِـِٔينَ ﴿٩١﴾

Аллагьас ﷻ дуе ц1акъ к1удияб саброги кьун буго, гьесдаса х1инкъиги кьун буго. г1елму-лъай кьун буго ва гучаб х1елмуги, гурх1ел-рах1моги кьун буго. Нижеца дуе гьабураб х1акъирлъи ва г1одобег1анлъи лъалаги бук1аго гьаб лъабго нухалъ духъе рач1араб мехалъ гьеб амру балъго тана дуца ва нижедехун ц1акъ берцинаб бербалагьи гьабуна.

Гьеб г1амал Аллагьас ﷻ дуе кьун бугелъул, ниж киналго дуе лагъзаллъун рук1ине бегьулел г1одорег1анал чаг1и руго. **Х1акълъунго нижеца к1удиял мунагьалги гьаруна.** Гьел мунагьазде данде жазаъ гьабун Аллагьас ﷻ ниж г1одорег1анги гьаруна. Аллагь ﷻ гурх1ани гурони нижее рорч1изе бак1ги гьеч1о»-абун.

قَالَ لَا تَثْرِيبَ عَلَيْكُمُ ٱلْيَوْمَ يَغْفِرُ ٱللَّهُ لَكُمْ وَهُوَ أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ﴿٩٢﴾

**92. Юсуфица абуна: «Жакъа дица нужеда г1айиб ч1валаро ва нужее г1акъубаги гьабиларо.** Дица кинабго жо т1аса лъугьун тана. **Аллагьасги нужер мунагьал чураги ва гьев нужеда т1аса лъугьаги. Гьев Аллагь ﷻ вуго жидеца гурх1ел гьабулезул бищунго жив гурх1улев»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Юсуф аварагасул гурх1елалъул х1исаб гьабе муъминзаби! Гьев ч1ваზе ургъун рук1арал ва гьев лагълъиялда ккезавурал вацалаздаса живги т1аса лъугьунев вуго, Аллагьасдаги ﷻ гьарулеб буго т1аса лъугьа абун.

Аллагьас ﷻ нилъееги саброги, х1елмоги, г1акълоги кьеги ва жив разияб г1амал гьабизе тавпикъги кьеги.

Юсуф аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ инсул х1ал гьикъидал вацаз абуна: гьесул канлъи ун бугин, Биняминги ват1алъараб мехалъ ц1акъго къварилъун, пашманлъун вук1унев вугин абун. Юсуфица жиндирго горде кьуна вацазухъе ва гьес абуна:

ٱذْهَبُوا۟ بِقَمِيصِى هَٰذَا فَأَلْقُوهُ عَلَىٰ وَجْهِ أَبِى يَأْتِ بَصِيرًا وَأْتُونِى بِأَهْلِكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٩٣﴾

**93. Нуж а гьаб дир гордеги босун ва рукъор щвараб мехалъ дир инсул гьумералда т1ад рехxе гьеб. Гьев канлъи бихьулевлъун лъугьине вуго. Цинги нуж киналго цадахъ:** эбел-эменги, нужер руччаби-лъималги, Яг1къубил зуриялъул киналго г1адамал **рач1а дихъе»-абун.**

Гьаб бук1ана Юсуфида к1икъого сон г1агарун заманаялъ цебего бихьун бук1араб макьуялъул ахирабги х1асил т1убалеб бак1. Юсуф аварагасухъе عَلَيْهِ السَّلَامُ Мисриялда рач1ун ва гьесул х1урмат гьабун гьесда цере анц1ила цо вацги эбел-эменги ч1ей ва гьез Юсуфие жидер заманалъул ва халкъалъул г1адаталда рекъон бет1ер г1одоб къулун

салам кьун к1одолъи гьаби.

وَلَمَّا فَصَلَتِ ٱلۡعِيرُ قَالَ أَبُوهُمۡ إِنِّي لَأَجِدُ رِيحَ يُوسُفَۖ لَوۡلَآ أَن تُفَنِّدُونِ ٩٤

**94. Мисриялдаса къват1ибе бахьун Юсуфил вацазул къапила Шамалдехун бач1унеб мехалъ Яг1къуб аварагас** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Х1акълъунго, дида Юсуфил мах1 бач1унеб буго! нужеца дун херлъун, г1акъло дагьлъун вуго абун абизе гьеч1еб ани.**

Гьев Юсуф ч1аго вугин, гьевгун нилълъ данделъизе ругин абунги бицинаан дица нужеда»-абун.

قَالُواْ تَٱللَّهِ إِنَّكَ لَفِي ضَلَٰلِكَ ٱلۡقَدِيمِ ٩٥

**95. Жинда сверухъ рук1арал г1агарал г1адамаз абуна: Таллагьи, мун вуго ццебего бук1араб х1алалъ мекъаб хабар бицунев чи.**

Юсуфил ц1ар рехсон, гьев вокьун, гьев ч1аго вуго абун божун. Гьезул цонигиязул хьул бук1инч1о Юсуф عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ч1аго вук1иналда ва гьевгун жал данделъиялда.

فَلَمَّآ أَن جَآءَ ٱلۡبَشِيرُ أَلۡقَىٰهُ عَلَىٰ وَجۡهِهِۦ فَٱرۡتَدَّ بَصِيرٗاۖ قَالَ أَلَمۡ أَقُل لَّكُمۡ إِنِّيٓ أَعۡلَمُ مِنَ ٱللَّهِ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ٩٦

**96. Цинги Яг1къуб аварагасухъе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **рохел бицунев чи вач1араб мехалъ.**

Мужагьидица абуна: гьев вук1ана вацалаз жив цеве вит1арав Ягьуза абулев вац. Юсуфил би бахараб горде буго абун инсуда ццебе горде рехарав вук1ана гьав Ягьуза. Доб мехалъ эмен жинца пашман гьавурав г1адин гьанже гьев воххизавизе ва гьев жинда т1аса лъугьинавизе бокьун вук1ана Ягьузае.

**Ва гьеб роххел бицун вач1арас Юсуфил горде инсул гьумералда т1аде рехидал, гьев жинда канлъи бихьулевлъун лъугьана. Цинги Яг1къубица абуна: дица нужеда абулеб бук1ана гурищ, я дир лъимал, дида нужеда лъалареб жо лъалин Алагьасдасан!** Юсуф عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ч1аго вук1ин лъалин ва кидал-къадги гьевгун дун данделъизе вук1инги лъалин.

Инсуца гьикъидал Ягьузада щиб х1алалда нужеда Юсуф ватарав ва кин гьев тарав абун, Ягьузица абуна: «Нижеда гьев ватана Мисриялъул ханасул даражаялда, ц1акъ к1удияб къадро-къиматалда, ва рах1ат-лазаталда»-абун. Яг1къуб аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Гьеб ханлъи-к1одолъи нилъее къвариг1араб жо гуро, гьелъ дие гьабизе жо гьеч1о. Дуца дида бице щиб диналда дуда гьев ватарав»-абун. Ягьузаца абуна: «Гьев дида исламияб диналда ватана, ва гьеб диналда тана нижецаги»-абун. Цинги Яг1къубица абуна: «Алх1амдулиллагь! Гьанже т1убанаха Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къот1и гьабураб ниг1мат»-абун.

Яг1къуб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ наслояллдаги аварагзаби рук1ина абураб къот1и бук1ана гьеб. Гьал васаз к1удияб мунагь гьабидал, мунагь гьабурав чиясе авараглъиги кьоларелъул, Яг1къубие عَلَيْهِ السَّلَامُ бищунго к1удияб роххел бук1ана Юсуф исламияб диналда вук1ин лъай ва гьев авараглъун вук1иналда божилъиги ккана.
Цинги киналго васал рач1ун Яг1къубида т1аде щвана.

قَالُواْ يَٰٓأَبَانَا ٱسْتَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَآ إِنَّا كُنَّا خَٰطِـِٔينَ ﴿٩٧﴾

**97. Гьел васалаз абуна: «Я нижер эмен! Мун нижеда т1аса лъугьа, ва дуца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьаре нижер мунагьал чуре, нижеда гурх1а абун. Х1акълъунго ниж рук1ана ц1акъ к1удиял мунагьал гьаруралльун,** гьев нижер вац Юсуфие къварилъи гьабун ва гьеб сабаблъун дур рак1ги бакъвазабун»-абун.

قَالَ سَوْفَ أَسْتَغْفِرُ لَكُمْ رَبِّيٓ ۖ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٩٨﴾

**98. Яг1къубица абуна: «Дица дагьаб хадуб дир Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьаризе буго нужер мунагьал чуре, нужеда гурх1а абун. Х1акълъунго Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца мунагьал чурулев ва тавбо гьабун руссарал г1адамазда жив гурх1улев»-абун.**
Г1алимзабаца абуна: Яг1къубица васазе дуг1а гьаби нахъе бахъана сардилъ т1аде вахъун, г1адамал гъапулаб мехалъ гьабизеян, яги рузман къоялъ гьабизе абун. Дуг1аялъе жаваб гьабулеб г1ужалда данде ккезабизе бокьана Яг1къубие гьеб дуг1а, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жаваб гьабизе бокьун.
Цинги гьезул кинабго агьло-хъизан, зурият х1адурана Мисриялда ине. Яг1къуб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къапила бач1иналъухъ валагьун Юсуф авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ шагьаралъул раг1алда вахъун, гьезда данде ч1вазе х1адурун ч1ч1ун вук1ана.

فَلَمَّا دَخَلُواْ عَلَىٰ يُوسُفَ ءَاوَىٰٓ إِلَيْهِ أَبَوَيْهِ وَقَالَ ٱدْخُلُواْ مِصْرَ إِن شَآءَ ٱللَّهُ ءَامِنِينَ ﴿٩٩﴾

**99. Цинги гьеб къапила Юсуфиде т1аде лъугьиндал, гьес эбел-эмен каранде къана** ва роххалил маг1у т1ун гьел г1одона. **Хадуб Юсуфица абуна: «Нуж киналго лъугьа гьаб шагьаралда жанир, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялдалъун, нуж божаралльун рук1ун, нужее щибг1аги х1инкъи гьеч1ого!»-абун.**

وَرَفَعَ أَبَوَيْهِ عَلَى ٱلْعَرْشِ وَخَرُّواْ لَهُۥ سُجَّدًا ۖ وَقَالَ يَٰٓأَبَتِ هَٰذَا تَأْوِيلُ رُءْيَٰىَ مِن قَبْلُ قَدْ

**100. К1алг1аялъур щвараб мехалъ, Юсуфица** عَلَيْهِ السَّلَامُ **эбел-эмен жинда аск1ор, ханзаби г1одор ч1олел тахазда**

جَعَلَهَا رَبِّي حَقًّا وَقَدْ أَحْسَنَ بِيٓ إِذْ أَخْرَجَنِي مِنَ ٱلسِّجْنِ وَجَآءَ بِكُم مِّنَ ٱلْبَدْوِ مِنۢ بَعْدِ أَن نَّزَغَ ٱلشَّيْطَٰنُ بَيْنِي وَبَيْنَ إِخْوَتِيٓ ۚ إِنَّ رَبِّي لَطِيفٌ لِّمَا يَشَآءُ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْعَلِيمُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١٠٠﴾

**г1одор ч1езаруна. Васалаз ва эбел-имсуца Юсуф к1одо гьавун гьесие суждаги гьабуна. Юсуфица** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Я дир эмен! Гьаб буго доб дие бихьун бук1араб макьуялъул маг1на. Дир Бет1ергьан Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеб жакъа загьираб, х1акъаб жолъун гьабуна. Гьев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дие лъик1лъиги гьабуна.** жинца дун гъуялдаса къват1ив вахъизе нух къосизе гьабун Мисриялъул къапила гъуй бугеб бак1алда т1аде бачараб мехалъ. **Цинги гьеб туснахъалдаса дун къват1иве вахъизе гьавураб мехалъги, Мисриялъул ханасул макьу къот1изеги вачун. Гьанжеги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **лъик1лъи гьабуна дие, Шамалъул алхуда рук1арал нуж дида т1аде гьанирeги рачун.**

Аллагьасул салам лъеяв Яг1къуб авараг Палестиналъул алахалда ч1арал, г1и-боц1и ва варанаби хьихьун маг1ишат гьабулел г1адамаздаса вук1ана. Гьеб алахалдаса рачун бечедаб Мисриялъул шагьаралда т1олго хъизам данде гьаби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рах1мат бук1ана.

Г1алимзабаца абуна: Яг1къуб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ зурият Мисриялде бач1араб мехалъ нусго г1еч1ев чи вук1ана. Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ заманалъ Мисриялдаса къват1ире рачилелде гьезул анлънусазарго г1адав чи г1ун вук1анин абун. (гьаб раг1и абуна Т1абаранияс).

**Гьаб кинабго лъик1лъи Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дие гьабуна щайт1аналъ дидаги вацаздаги гьоркьоб тушманлъи гьабун бук1ун хадуб. Х1акълъунго дир Бет1ергьан Аллагь жиндие бокьараб ишалъулъ г1ажаибаб х1алалъ тадбир гьабулев вуго!** Инсан жинда хадув гъолареб, гьесда маг1на бич1улареб х1алалъ инсан т1овит1улев вуго. **Ва х1акълъунго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кинабго жоялъул авал-ахир лъалев, гьелъул тадбир жиндир х1икматалда рекъон гьабулев вуго»-абун.**

Юсуф аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ пасих1лъи ва каламалъул гъварилъи буго жиндие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьарурал к1удиял ниг1матал рехсеялда хадуб: «Гьеб ниг1мат Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие кьуна, щайт1аналъ вацаздаги дидаги гьоркьоб т1ушманлъи ккезабун бук1ун хадуб»-абун аби. Цо къварилъиялда хадуб рехсараб мехалъ лъик1лъиялъул ва ниг1маталъул къадро ва къимат ц1акъго к1одолъула. Хадубги Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вацаз жиндехун гьабураб тушманлъи щайт1аналда г1унт1изабуна. Гьебги буго гурх1елалъул ва т1аса лъугьиялул г1аламат.

Ибнухат1ибица Т1адег1анав Аллагьасул «Лат1ифун» абураб ц1аралда

хурхун берцинаб хабар бицана: «Лат1ифун» абураб раг1иялъул маг1на буго ц1акъ гурх1улев, лагъасе маслах1ат бугеб жо гьабулев, лагъасдаги лъач1ого, гьев хадув гъолареб х1алалъ жинца гьев к1одо гьавулев ва т1адег1ан гьавулев. Лагъасе бокьулареб жоялдалъунги гьесул къадро т1адег1ан гьабулев»-абураб.

Яг1къуб аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ г1емер вокьулев вугин абун гьесул вацазулъ х1ал хъублъи бижун бук1инч1ебани гьез гьев гъуялъув рехилароан. Гьеб гъуялда жанив рехун вук1инч1евани сапаралда ругел г1адамаз гьев гъуялдаса къват1иве вахъилароан. Гьез къват1ив вахъараб мехалъги ваццалазе гьев рихун вук1ун гурони ва гьезул гьесда х1ажалъи гьеч1олъиялъ гурони, дагьалго кепказухъ гьел чаг1азе лагълъун вичилароан. Гьедин учузго вичун гурони дозги восилароан. (жиндие хайир щвей бокьун восун гурони гьезие гьев х1ажат вук1инч1о).

Цинги гьез Мисриялда вачун базаралда лагълъун вичун гурони Мисриялъул Г1азизасги восилароан. Жиндир рокъов лагълъун вук1ун гурони Юсуфида т1ад, гьев жинда аск1ов вегизе ах1изе, Г1азизил ч1ужуги лъугьулароан. Гьелъул рокьи сабаблъун гурони жив туснахъалдаги ккелароан. Туснахъалда ккун вук1инч1евани дов к1иго гьалмагъгун гьев данд ч1валароан. Гьезда данде ч1ван вук1инч1евани гьезул макьуялъул маг1на бицине ва жив макьу къот1улев чи вук1ин лъазе рес лъугьилароан. Гьезул макьуялъул маг1на бицун гьеб хабар гьезда лъан бук1инч1еб ани Юсуфил амру Мисриялъул ханасдаги лъалароан. Гьев ханасда Юсуфил х1акъикъат лъан гурони гьев туснахъалдаса къват1ивги вач1инароан ва ханасул тахалда т1ад г1одовги ч1елароан, Мисриялъул кинабго хазинаялъул вазирлъунги вук1инароан.

Т1адег1анав Аллагьас гьаб х1икматаб (Лат1ифаб) х1алалъ эхеде вахинавуна Юсуф عَلَيْهِ السَّلَامُ: жив г1адада хун, вилун, т1аг1ун вук1ине г1агарлъун вук1араб бак1алдаса. Гъуялда жанив рехараб мехалъ ганч1илъ бет1ерги кьабун хвезеги бегьулаан гьев, нагагь гьедин хвеч1они вакъунги хвелаан. Гьел сапар чаг1аца къват1ив вахъаниги жидеего лагълъун тун вук1арав ани г1умруялъ гьезие лагълъи гьабулевги х1ут1илаан. Гьаб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ (лат1ифаб) г1ажаибаб тадбир. Гьаб буго Бет1ергьанасул инсан хадув гъолареб, амма жиндир х1икмат камилаб лагъасдехун гьабулеб рокьи ва т1асса вищи.

Тафсиралъул г1алимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв Яг1къуб аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Мисриялда Юсуфида عَلَيْهِ السَّلَامُ аск1об къоло ункъго сон бана. Гьес васият гьабун бук1ана жив хвараб мехалъ Шамалда жиндир эмен Исх1акъида аск1ов хабалъ лъе абун. Яг1къуб عَلَيْهِ السَّلَامُ хвараб мехалъ Юсуф аварраг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьевги вачун Шамалде ана

ва гьес Яг1къуб Исх1акъида аск1ов хабалъ лъуна. Гьелдаса хадубги Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къоло лъабго сон бана. Г1алимзабазул гьаб раг1иялъ т1орит1ел гьабулеб буго Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ункъого сон бан бук1иналда.

Гьесул амруги т1убадал, жив даимго дунялалда вук1унареблъиги лъадал, гьесул хьул лъуна абадияб рокъов иналде, гьенив Бет1ергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данд ч1ваялда ва жиндир умумал Ибрагьим, Исх1акъ ва Яг1къубго данд ч1ваялда. Цинги Юсуф аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна:

* رَبِّ قَدْ ءَاتَيْتَنِي مِنَ ٱلْمُلْكِ وَعَلَّمْتَنِي مِن تَأْوِيلِ ٱلْأَحَادِيثِ فَاطِرَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ أَنتَ وَلِيِّۦ فِي ٱلدُّنْيَا وَٱلْآخِرَةِ تَوَفَّنِي مُسْلِمًا وَأَلْحِقْنِي بِٱلصَّٰلِحِينَ ﴿١٠١﴾

**101. Я дир Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дие кьуна ханлъиги, бечелъиги, къадро к1одолъиги. Дуца дида малъана макьуялъул маг1на гьабизе ва цересел т1ахьал ц1алун гьездаса г1елму-лъай босизе. Я гьал зобал ракьал рижарав, кинабго халкъалъул тадбир гьабулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Мун вуго дир вали, дуда амру т1амулев, дуда хьул лъолев ва гьаб дунялалдаги, хадуб ахираталдаги квер бакъулев. Дуца дун хвезаве Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ иманалда, исламалда вук1ун ва дуца дун нахърег1изаве мун жинда разиял г1адамазда:** аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ, шагьидзабазда, г1алимзабазда ва киналго дуда аск1ор къадро къимат бугел муъминзабазда»-абун.

Гьаб бак1алда Юсуф аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къисса т1убана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьелда жанир ругел насих1атазул мунпаг1ат босулездаса гьареги нилъ киналго.

ذَٰلِكَ مِنْ أَنۢبَآءِ ٱلْغَيْبِ نُوحِيهِ إِلَيْكَ وَمَا كُنتَ لَدَيْهِمْ إِذْ أَجْمَعُوٓا۟ أَمْرَهُمْ وَهُمْ يَمْكُرُونَ ﴿١٠٢﴾

**102.** Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг х1акъав авараг вук1иналъе х1ужаби рицун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:
**Гьаб дица дуе ва дур умматалъе бицараб Юсуф аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къисса, ва гьалда цере рицарал цогидал къиссабиги руго Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гъаибал умураздаса дуда вах1ю гьабулеб жо.** Гьал руго дуда жал лъазе рес гьеч1ел, **дудаса г1емерго цере рук1арал аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ къиссаби. Дица дуда гьел вах1ю гьабун рицунел руго ц1акъ мух1канаб х1алалъ,** гьел рицциялдалъун мун авараг вук1ин лъазе ва дуда иман лъезе. **Мун Юсуф аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вацазда аск1ов вук1инч1о гьез киналго данделъун Юсуф аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ х1илла-макру ургъулеб мехалъ.** Дуда гьеб иш лъазе ресги бук1инч1о гьединаб мух1канаб х1алалъ.

Дуда гьеб лъана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вах1ю гьабураб мехалъ.

وَمَآ أَكۡثَرُ ٱلنَّاسِ وَلَوۡ حَرَصۡتَ بِمُؤۡمِنِينَ ١٠٣

**103. Дуца киг1ан ях1 бахъаниги, щиб х1ужа-далил бачаниги г1адамазул г1емерисел жидеца иман лъоларел руго.**

Гьаб х1ал буго цогидал аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва гьезул умматазулги. Дуца рак1 къварид гьабуге Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ ва дуда т1ад къараб х1алалъ уммат исламияб диналде ах1е.

وَمَا تَسۡـَٔلُهُمۡ عَلَيۡهِ مِنۡ أَجۡرٍۚ إِنۡ هُوَ إِلَّا ذِكۡرٞ لِّلۡعَٰلَمِينَ ١٠٤

**104. Дуца гьездаса ужраги т1алаб гьабулеб гьеч1о гьел исламияб диналда ах1ун х1акъаб нухалда т1орит1аралъухъ. Гьаб Къуръан буго кинабниги г1аламалъе ваг1залъун ва гьезда лъик1аб жо малъулеблъунги.**

Гьеб Къуръан ц1алун дуца г1адамаздаса т1алаб гьабулеб жо гьеч1о, гьез иман лъей гуреб. Гьел г1акълу бугел рук1аралани гьез дур ваг1за-насих1ат ва Къуръанлъул ах1камал ц1акъ хех росилаан.

وَكَأَيِّن مِّنۡ ءَايَةٖ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ يَمُرُّونَ عَلَيۡهَا وَهُمۡ عَنۡهَا مُعۡرِضُونَ ١٠٥

**105. Чан г1емерал г1аламаталха ругел зобал ракьазда жанир Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда ва кинабго махлукъат гьес бижараб бук1иналда жинца т1орит1ел гьабулеб, гьел къурайшиязул мушриказда кидаго гьел рихьулел, гьезда аск1ор жалги хьвадулел ва амма гьезул щибго пикру гьабуларел, гьездаса руссун, гьезул ваг1за насих1ат лъугьич1ого жал рук1унел.**

Гьал к1удиял г1аламатазулги гьезие ваг1за лъугьич1еб мехалъ дуда гьез инкар кквей г1ажаибаб жо гьеч1о, я Мух1аммад Аллагьасул свалат салам лъеяв.

Жинца пикру гьабурав чиясе гьаб махлукъаталдаса щиб жо бугониги: к1удияб бук1а, гьит1инаб бук1а, берцинаб бук1а, къабих1аб бук1а, жинца т1орит1ел гьабулеб буго жиб бижарав халикъ вук1иналда. Гьаб ахираб заманаялъ дунялалъул г1елму ц1акъго бат1и-бат1ияб бак1алда щун буго ва чанги инсанасул г1акъло г1ажиз гьабулеб г1елмияб рагьи гьабун буго. Киг1анго гьеб г1елмияб рагьи г1ажаибаб бук1аниги гьелда жаниб жегиги инсан хадув гъолареб г1ажаиблъи хут1улеб буго, къиямасеб къо щвезег1ан гьадин бук1ине буго Т1адег1анав Аллагьас жиндир г1елмуялдаса халкъалъе кьураб г1елму ц1акъ дагьаб жо гурони гьеч1о. Щибаб заманаялъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанасе ц1ияб г1елму лъазабизе буго ва щибаб нухалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ иманалда т1орит1аразул иман жегиги ц1ик1к1ине буго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар

ккураб капураб къавмалъул купруги гьединго ц1ик1к1ине буго.

وَمَا يُؤۡمِنُ أَكۡثَرُهُم بِٱللَّهِ إِلَّا وَهُم مُّشۡرِكُونَ ١٠٦

**106. Къурайшиязул мушриказул г1емерисез иман лъоларо Аллагьасда жидеца ширк гьабулел рук1ун гурони.**
Гьеб Маккаялъул агьлуялъ гьабулеб бук1араб ширк гьабич1ониги, гьелда релъараб ширк гьабулел г1адамал гьанжеги руго. Маккаялъул мушриказ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1иналда иман лъолеб бук1ана гьел рижарав ва хьихьулев хан ва Бет1ергьан х1исабалда, цинги хъанчазе лагълъиги гьабулеб бук1ана гьез жидее шапаг1ат гьабизе бугин абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жал къабул гьаризе, жидер дуг1аялъе жаваб кьезе абун. Гьал мушриказул х1акъалъулъ буго гьаб (106) аят.

أَفَأَمِنُوٓاْ أَن تَأۡتِيَهُمۡ غَٰشِيَةٞ مِّنۡ عَذَابِ ٱللَّهِ أَوۡ تَأۡتِيَهُمُ ٱلسَّاعَةُ بَغۡتَةٗ وَهُمۡ لَا يَشۡعُرُونَ ١٠٧

**107. Гьал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал г1адамазда рак1алдайищ кколеб бугеб жидеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб бач1инарин абун, киназдаго т1аде лъугьунеб ва киналго гьалаг гьарулеб. Яги жидехъе къиямасеб къо бач1инаро абун божунищ ругел: жидеда рак1алдаго гьеч1ого ва жал гьелда х1адурунги гьеч1ого.**
Сунда божун ругел гьел г1адамал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеч1ого ва Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ аварагасда нахъги рилълъинч1ого?

قُلۡ هَٰذِهِۦ سَبِيلِيٓ أَدۡعُوٓاْ إِلَى ٱللَّهِۚ عَلَىٰ بَصِيرَةٍ أَنَا۠ وَمَنِ ٱتَّبَعَنِيۖ وَسُبۡحَٰنَ ٱللَّهِ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلۡمُشۡرِكِينَ ١٠٨

**108. Дуца абе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ! Гьаб дун жинда вугеб нух бит1араб нух буго.** Щибго щаклъи гьеч1о ва дие щибго х1инкъиги гьеч1о. **Дица Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ах1улел руго киналго г1адамал. Дунги дида нахърилълъарал муъминзабиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ т1орит1елалъул нуралъулъ руго, ва гьев Аллагь жив вац1адав Т1адег1анав вуго купру-ширкалъул агьлуялъ гьесда г1унт1изе гьарулел гьересиял харбаздаса ва сипатаздаса. Дун гьеч1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб г1ибадаталъулъ дица щибго жо г1ахьал гьабулевлъун.**

وَمَآ أَرۡسَلۡنَا مِن قَبۡلِكَ إِلَّا رِجَالٗا نُّوحِيٓ إِلَيۡهِم مِّنۡ أَهۡلِ ٱلۡقُرَىٰٓۗ أَفَلَمۡ يَسِيرُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَيَنظُرُواْ كَيۡفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۗ وَلَدَارُ ٱلۡأٓخِرَةِ خَيۡرٞ لِّلَّذِينَ ٱتَّقَوۡاْۚ أَفَلَا تَعۡقِلُونَ ١٠٩

**109. Дудаса цереги дица рит1ун рук1инч1о Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, щибаб къавмалда жидедаго гьоркьоса жидерго шагьаралдаса росабалъа бихьинал г1адамал гурони, жидеда дир шариг1ат вах1ю гьабурал.**
Малаикзаби рит1ун рук1инч1о, руччабиги

рит1ун рук1инч1о. Дица дир рисалат босун щибаб къавмалда гьездаго гьоркьоса бихьинчи вит1ула жидеца гьел диналда ах1изе ва гьезда дир шарг1ги малъизе.

**Гьел иман лъезе ч1ух1арал г1адамал ракьалда т1ад щай хьвадуларел ва гьез кин ц1ехолареб жидеда цересел уматазул жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, ракьалда пасалъи гьабурал г1адамазул ахир киндай бук1ана ва кинаб г1азабдай гьезда решт1ана абун. Ахираталъул абадияб рукъ ц1акъ лъик1аб рукъ бугоха Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал гьесул г1азабалдаса х1инкъун хьвадарал г1адамазе, гьаб хехго жиб т1аса унеб, жинда щибго божи гьеч1еб дунялалъул рукъалдаса. Гьаб амру кин бич1улареб г1адамазда ва иман лъезе хехлъиги щай гьабулареб?.**

**110. Жидер къавмалъ иман лъеялдаса аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ хьул къот1араб мехалъ, ниж гьереси гьарунин ва т1ок1аб нижеда иман лъейги бук1иларин гьезда рак1алдаги ккараб мехалъ, гьел аварагзабахъе бач1уна дир квербакъи.**

حَتَّىٰٓ إِذَا ٱسْتَيْـَٔسَ ٱلرُّسُلُ وَظَنُّوٓا۟ أَنَّهُمْ
قَدْ كُذِبُوا۟ جَآءَهُمْ نَصْرُنَا فَنُجِّىَ مَن نَّشَآءُ ۖ
وَلَا يُرَدُّ بَأْسُنَا عَنِ ٱلْقَوْمِ ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿١١٠﴾

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир аварагзаби т1обанго жинде к1анц1изег1ан ва жиндаса квербакъи т1алаб гьабизег1ан тола къавмалда гьоркьор гьез гьереси гьарулеллъун ва махсароде гьарулеллъун. Цинги дица гьезие квербакъи гьабула. **Цинги дица дие бокьарал г1адамал г1азабалдаса хвасар гьарула. Дир г1азаб гьеб квешаб къавмалда решт1араб мехалъ гьездаса гьеб г1азаб жинца нахъч1валев чиги вук1унаро.**

**111. Х1акълъунго гьал дица рицарал Юсуфил ва гьесул вацазул къиссабазулъ жидеца пикру гьабулел, жидер г1акъло бугел г1адамазе мунпаг1ат босизе г1емераб ваг1за буго. Гьаб Къуръанги гьеч1о г1адамаз ургъараб калам ва гьез рицунел гьересиял харбал.**

لَقَدْ كَانَ فِى قَصَصِهِمْ عِبْرَةٌ لِّأُو۟لِى ٱلْأَلْبَـٰبِ ۗ
مَا كَانَ حَدِيثًا يُفْتَرَىٰ وَلَـٰكِن تَصْدِيقَ
ٱلَّذِى بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيلَ كُلِّ شَىْءٍ
وَهُدًى وَرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿١١١﴾

**Кинниги гьаб Къуръан буго жинда ццерехун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ решт1инарурал т1ахьал рит1ухъ гьарулеблъун ва киналго шарг1иял ах1камал баян гьарулеблъун.**

Х1алалаб-х1арамаб жо баян гьабун, паризаяб ва суннатаб жо баян гьабун, ва цогидабги бусурманчиясул х1ажалъи жинда кколеб жоги баян гьабун.

**Жинца бит1араб нухда т1орит1улеблъунги буго.** Исламияб диналда,

Аллагь ﷻ цо гьавун, авараг ﷺ ритӀухъ гьавун, гьесул нухда хьвадиялда тӀоритӀулеб. **Гьедин иман лъун битӀараб нухда хьвадараб къавмалъе рахӀматлъунги буго гьаб Къуръан.** Гьелда гӀамал гьабурав, гьелъул амру-нагью тӀубан хьвадарав чи жужахӀалъул цӀаялдаса цӀунулеб рахӀмат буго: жинда гӀамал гьабурасе ахираталда Аллагьас ﷻ кьолел алжаналъул нигӀматаллъун бугеб рахӀматги буго гьаб Къуръан.

Гьаб суратул Юсуфалда жанир гӀемерал гъаибал жал рицун ругелъул, гьеб аварагасул мугӀжизатлъун букӀана: Маккаялда вукӀаго, щибго цӀали хъвайги гьечӀого, гьаб камилаб хӀалалда ягьудиязул ва насраниязул гӀалимзабазда лъалел ва гьезда гьереси гьаризе кӀоларел къиссаби Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас рицараб мехалъ, гьезда якъинго лъалеб букӀана гьев авараг ﷺ вукӀин. Гьедин бугониги жидерго ханлъиги, бечелъиги, къадроги тӀаса ине бокьичӀого аварагасда ﷺ инкар ккун чӀана ва абадияб жужахӀ тӀаса бищана.

ТӀадегӀанав Аллагьас гьав Юсуфил عليه السلام къисса бицун хирияв аварагасул ﷺ ракӀ парахат гьабуна: гьаб гӀемераб хӀал бихьи, гӀакъуба-къварилъи щун хадубги Юсуфил амру Аллагьас ﷻ тӀадегӀан гьабидал, жиндие къотӀи гьабураб квер бакъиги диналъе гӀатӀилъиги тушбабазда тӀад бергьенлъиги щвезе букӀиналда гьесул божи цӀикӀизабуна.

АлхӀамдулиллагь! ТӀадегӀанав Аллагьас жиндие хирияв МухӀаммад ﷺ аварагасул амру цӀакъ берцинго тӀубазабуна. Гьев МухӀаммадида ﷺ иман лъураб умматалдаса нилъъ ратиндал даимаб щукру буго Аллагьасе ﷻ.

Бетӏергьан Аллагьасул ﷻ квер бакъиялдалъун Сурату Юсуфалъул тафсир ва таржама хъван тӀубана.

Кинабго рецц ва щукру ТӀадегӀанав Аллагьасе буго.

# 13. Сурату Ррагӏд

سُورَةُ الرَّعۡدِ

*Мадинаялда рещтӏинабураб, жинда жаниб кӏикъоялда лъабго аят бугеб*

*Гьаб сурат Мадинаялда рещтӏинабураб бугониги, Аллагь ﷻ цо вукӏин чӏезабиялъе далилал рицунеб, аварагзаби عَلَيۡهِمُ السَّلَامُ ритӏиялда иман лъей, ахират букӏин, ва хӏисаб-мизан букӏиналда иман лъеялъул, алжан-жужахӏалъул бицунеб буго. Аллагьасде ﷻ ширк ккурал гӏадамаз гьабулеб питнаялъул бицунеб, исламияб диналда гӏунтӏизарун рицунел батӏулал харбалги нахъчӏвалеб.*

*Сурат байбихьун буго бицунго кӏвар бугеб масъала баян гьабиялдалъун: Аллагь ﷻ вукӏин чӏчӏезаби ва гьев цохӏогояв, жиндир къудрат гуч бергьарав вукӏинги чӏчӏезаби. Мушриказ инкар кколеб Къуръанги, авараглъиги Аллагьасул ﷻ хӏакъаб хӏукму букӏин бицун, гьелъие зобал ракьазда жанир ругел гӏемерал дилилал рицун руго.*

*Хадуб ахир къо бачӏин хӏакъаб букӏин, кинабго халкъ тӏаде бахъизабун гьезул хӏисаб-мизан гьабизе букӏиналъул бицун буго. Кинабго жо жинца бижулев, гьеб хьвадизабулев, мунпагӏат ва зарал жиндалъун гурони гьечӏев, хвезари, тӏаде рахъинари жинда кодоб бугев цохӏо Аллагь ﷻ вукӏин бицун хадуб хӏакъаб ва батӏулаб жо батӏа гьабиялъе кӏиго мисал бачун буго: цӏадалъ иххал рахъинаридал гьез нухда батараб рищни бакӏарун нахъе иналъул бицун буго, гӏарац месед цӏаялдалъун биизабураб мехалъ чороклъи тӏаса ун бацӏцӏадаб магӏдан хутӏулеблъиги бицун буго.*

*Бахъибугел ва бахъигьечӏел гӏадамазул сипатал рицун, гьезие мисалги бачун буго беццав чиясул ва жинда жо бихьулев чиясул, ахир гьел руссунеб бакӏги баян гьабун буго. Суратальул ахиралда Мухӏаммадил ﷺ авараглъи хӏакъаб букӏиналъе нугӏлъи гьабун, гьев Аллагьасул ﷻ расул вукӏин бицун буго.*

*Гьаб сураталда цӏар лъун буго Аллагьас ﷻ бижараб махлукъаталъул гӏажаибал жалаздаса бугеб «Зоб гъугъай» абураб цӏар. Аллагьасул ﷻ хӏикматалдаса цо кӏудияб хӏикмат буго гьаваялда накӏкӏал данделъун, жидеда жаниб лъимги, цӏаги, рахӏматги, гӏазабги цолъун букӏин. Жиндалъун кинабго жо чӏаголъулеб лъим рещтӏуна гьел накӏкӏаздаса ва жинца гьалаг гьарулеб пириги рещтӏуна. Кӏиго батӏияб жо данде гьаби (лъимги цӏаги данде гьаби)*

*Аллагьасул ﷻ х1алк1ольиялда ва къуват гучалда жинца т1орит1ел гьабулеб г1аламат буго.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

ٱلٓمٓرۚ تِلۡكَ ءَايَٰتُ ٱلۡكِتَٰبِۗ وَٱلَّذِيٓ أُنزِلَ إِلَيۡكَ مِن رَّبِّكَ ٱلۡحَقُّ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يُؤۡمِنُونَ ١

**1. Алиф, Лам, Мим, Ра.**
Т1адег1анав Аллагьасда лъала гьел х1уруфал рещт1инариялдалъун бугеб мурад. **Гьал руго жинца г1адамал г1ажиз гьарулеб Къуръаналъул аятал. Дуда рещт1инабураб кинабго х1укму ва хабар х1акъаб жо буго Мух1аммад ﷺ.** Гьелъулъ щибго щаклъи гьеч1о ва бат1улаб жоги гьеч1о. **Гьедин бугониги г1емерисел г1адамал Къуръаналда иман лъоларел руго.**

ٱللَّهُ ٱلَّذِي رَفَعَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ بِغَيۡرِ عَمَدٖ تَرَوۡنَهَاۖ ثُمَّ ٱسۡتَوَىٰ عَلَى ٱلۡعَرۡشِۖ وَسَخَّرَ ٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَۖ كُلّٞ يَجۡرِي لِأَجَلٖ مُّسَمّٗىۚ يُدَبِّرُ ٱلۡأَمۡرَ يُفَصِّلُ ٱلۡأٓيَٰتِ لَعَلَّكُم بِلِقَآءِ رَبِّكُمۡ تُوقِنُونَ ٢

**2. Гьев Аллагь ﷻ вуго кинабго махлукъаталъул бет1ергьан, жинца зобал т1аде рорхарав, щибго х1уби гьеч1ого ва цогидаб жиб бихьулеб зобал ккураб жоги гьеч1ого. Цинги живги г1арщалда т1адег1анлъарав.**
Жинда лъалеб, жинда рекъараб х1алалъ. Нилъерг1адаб т1алъи гьеч1о гьеб ва кин бугеблъи нилъеда бицинеги лъаларо. **Зобалазда бугеб бакъ-моц1ги жинца квегъарав. Щибаб цояб хьвадулеб бук1уна жиндир заманаялда рекъон, жиндирго нухалдаса** ва гьезие щибго хилиплъи бук1унаро.
**Кинабго халкъалъул умуразул тадбир гьабулев вуго Аллагь ﷻ.** Гьезие маслих1атаб жо гьабулев вуго. Цогидаб рух1 бугеб ва рух1 гьеч1еб махлукъги жиндир тадбиралдалъун хьвадизабулев вуго. **Г1акълу бугел, жо бич1ч1улел г1адамазе г1емер бат1и-бат1иял г1аламатал ва х1икматал рихьизарулев ва гьел баян гьарулев вуго, нужеца Аллагьасде ﷻ иман лъезе бокьун ва нужее якъинго лъазеги бокьун ахираталда гьесда дандч1вазе рук1ин.** Гьениб х1исаб-суалги, алжан-жужах1ги бук1инги лъазе.

وَهُوَ ٱلَّذِي مَدَّ ٱلۡأَرۡضَ وَجَعَلَ فِيهَا رَوَٰسِيَ وَأَنۡهَٰرٗاۖ وَمِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ جَعَلَ فِيهَا زَوۡجَيۡنِ ٱثۡنَيۡنِۖ يُغۡشِي ٱلَّيۡلَ ٱلنَّهَارَۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يَتَفَكَّرُونَ ٣

**3. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер Бет1ергьан, жинца гьаб ракь бит1изабун г1одоб лъурав нужее маслах1аталъе.**
Гьелда т1ад нуж хьвадизе, минаби разе, хур-хер ва ахал рижизаризе. **Гьединго**

**гьеб ракьалда т1ад рорхатал муг1рулги гьарурав, ч1ах1иял, лъим г1емерал г1орал-лъаралги гьарурав.** Гьеб кинабго жо цоцалъ рекъон, цоялъ цоялъе кумек гьабун инсанасе маг1ишат гьабиялъе санаг1атал рекъезарулеб буго.

**Кинабниги пихъал ва мугьал ругеб жо к1ирекъарабги гьабуна Т1адег1анав Аллагьас:** цояб бихьинаб гьабун: цояб ц1уяб гьабун. Гьезул щибаб соналъ бижин ва х1алухъин г1емер кьей, пихъ г1емерлъи, Аллагьас ﷻ т1абиг1аталъул сабабал рекъезариналдалъун бук1уна. Цояб цоялъе х1ажалъулеблъун гьабун буго рух1 гьеч1еб хур-хералъул амруги; рух1 бугеб кинабго махлукъат цояб бихьинаб цояб ц1уяб гьабун бижараб г1адин. Гьединго кинабго пихъ гьабуна к1иго тайпаялда: гьуинаб–кьог1аб, гьит1инаб–к1удияб, хъах1аб-ч1ег1ераб, къвак1араб–тамахаб ва цогиги к1ирекъарал сипатазда.

**Жинца сордоялдалъун къо бахчизабулевги вуго Аллагь ﷻ.** Гвангъараб къо бук1ун хадуб бец1аб сордолъун гьабулев. **Х1акълъунго Гьел рехсарал жалазулъ ва гьанир рехсеч1ел г1емерал махлукъатазулъ Аллагь ﷻ цо вук1иналда, гьев Халикъ вук1иналда, гьесул къудрат гуч бергьараб бук1иналда т1орит1ел гьубулел г1аламатал ва х1ужабиги руго, жидеца пикру гьабулел г1адамазе.** Х1айваназул мисалалда щибго жоялъул пикру гьабич1ого хьвадулел г1адамазе гьел далилал рихьуларо ва жидее гьездаса ваг1заги лъуг1уларо.

وَفِي ٱلۡأَرۡضِ قِطَعٞ مُّتَجَٰوِرَٰتٞ وَجَنَّٰتٞ مِّنۡ أَعۡنَٰبٖ وَزَرۡعٞ وَنَخِيلٞ صِنۡوَانٞ وَغَيۡرُ صِنۡوَانٖ يُسۡقَىٰ بِمَآءٖ وَٰحِدٖ وَنُفَضِّلُ بَعۡضَهَا عَلَىٰ بَعۡضٖ فِي ٱلۡأُكُلِۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ٤

**4. Ракьул гьумералдаги руго бат1и-бат1иял къот1елал, цоцада аск1ор цун ругел, цоязда т1ад ах-хур бижулел, цогиялда т1ад щибго жо бижулареб. Бечедал, гванзал ахалги руго ц1олбол гьабуялъул ва цогидал пихъазул. Хурзалги руго, чамастакил ахалги руго. Цох1ого кьибилалда т1ад к1иго-лъабго гъвет1ги бижула, цох1о гъвет1 бижунги бук1уна.**

**Гьаб кинабго ах-хур цох1о ракьалда бижула ва цох1о лъималдалъун лъалъала, амма щибаб пихъ цояб цоялдаса бат1ияб бук1уна жиндир т1аг1амалъул рахъалъан.** Цох1о пихъги жиндир т1аг1ам, к1одолъи-гьит1инлъи бат1ияб бук1уна. Цох1о т1оралда т1ад рижарал мугьалги жидер кьер, сипат, гьит1инлъи-к1одолъи бат1иял рук1уна. **Х1акълъунго Гьаб рехсараб жоялъулъ гьеб кинабго жо бижулев, гьалъул тадбир гьабулев Халикъ вук1иналде т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго, г1акъло бугел г1адамазе.**

Т1абиг1ат буго жинцаго жо бижулеб, т1абиг1аталъул хис-басалдалъун бук1уна дунялалда лъугьунел ах1вал-х1алал абун гьеб т1абиг1ат цебе гьабун, гьеб алагьлъун ч1езе гьабурал г1адамазда данде рачунел далилал ва мисалал руго гьал: цох1о лъималдалъун лъалъараб цох1ого ракьалдаса къват1ибе чанго бат1ияб жо бижин бицун. Цох1о кьибилалда т1ад цох1о мугьалдаса, яги цох1о гагаялдасан бижараб жоги жиндир т1аг1ам, кьер, мах1, сипат бат1ияб бук1унеблъи бицун. Гьединго цоцазда цун бугеб ракь чанго бат1ияб х1алалъул бук1ин бицун.

۞وَإِن تَعۡجَبۡ فَعَجَبٞ قَوۡلُهُمۡ أَءِذَا كُنَّا تُرَٰبًا أَءِنَّا لَفِي خَلۡقٖ جَدِيدٍۗ أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِرَبِّهِمۡۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ ٱلۡأَغۡلَٰلُ فِيٓ أَعۡنَاقِهِمۡۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٥

**5. Мун щиб жоялда г1ажаиблъун ватаниги Мух1аммад ﷺ, гьелдасаги г1ажаибаб жо буго капурзабаца абулеб раг1и: ниж хун ва ракьлъун лъугьун хадур ч1агойищ гьарулел?-абун.**

Гьеб цебе бицараб х1алалъ зобал-ракьал рижарав Аллагьасда ﷻ хун хадур ч1аго гьаризе к1оларин аби г1ажаибаб раг1и буго. **Гьел руго жидеца Бет1ергьанасда инкар кколел г1адамал. Гьел руго къиямасеб къоялъ жидер горбода гудрал ва рахсал ран рук1унел г1адамалги. Гьединго гьел руго жужах1алъул бет1ергьабилъун рук1унел, даимго рук1инелъун жал гьенире лъугьинарулелги.**

وَيَسۡتَعۡجِلُونَكَ بِٱلسَّيِّئَةِ قَبۡلَ ٱلۡحَسَنَةِ وَقَدۡ خَلَتۡ مِن قَبۡلِهِمُ ٱلۡمَثُلَٰتُۗ وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو مَغۡفِرَةٖ لِّلنَّاسِ عَلَىٰ ظُلۡمِهِمۡۖ وَإِنَّ رَبَّكَ لَشَدِيدُ ٱلۡعِقَابِ ٦

**6. Маккаялъул мушриказ дудаса т1алаб гьабулеб буго Мух1аммад ﷺ, дуца жидее х1инкъи кьолеб г1азаб бачун вач1а мун абун. Гьез квешлъи цебе ккезабулеб буго лъик1аб г1амалалдаса.**

Иманги лъун, лъик1аб г1амалги гьабун берцинаб х1алалъ яшав гьабизе ресги бук1аго, дуца жинда ах1улеб Аллагьасул ﷻ дин махсароде гьабун абулеб буго гьел мушриказ: «Вач1а дурго г1азабги бачун»-абун. **Гьезда цебехун рук1арал умматазе гьабураб г1азабалъул мисалал г1емерал руго.** Гьезул пикру кин гьабулареб ва гьелдаса г1акълу щай босулареб?

**Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь ﷻ вуго, Мух1аммад ﷺ, киг1анго г1адамаз зулму гьабулеб бугониги, гьезда гурх1ун, гьезие г1акъуба хех гьабуларев.** Тавбу гьабизе бокьун, иман лъун лъик1аб г1амал гьабизе бокьун гьел г1азаб гьабич1ого толев. **Гьединго дур Бет1ергьан Аллагь вуго, Мух1аммад ﷺ, жинца**

**тавбу гьабич1ев, куфру-ширкалда ва г1асиялъиялда ч1ч1арав чиясе ц1акъ къвак1араб г1акъуба-г1азаб гьабулев.**

Т1адег1анав Аллагьас гьаб аяталда жаниб абулеб жоялъул къокъаб маг1на буго: «Я гьав дир лагъ! Мун даимго дида хьул лъеялда ва дидаса х1инкъиялда жанив вук1а. Кинабго х1алалъулъ дуда лъай цох1о лах1заталъ мун жиндир лъаялдаса, вихьиялдаса ват1алъуларев Бет1ергьан вук1ин дуда т1ад хъаравуллъуда»-абун.

وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَوْلَآ أُنزِلَ عَلَيْهِ ءَايَةٌ مِّن رَّبِّهِۦٓۗ إِنَّمَآ أَنتَ مُنذِرٌۖ وَلِكُلِّ قَوْمٍ هَادٍ ۝٧

**7. Аллагьасде ﷻ инкар ккурал, аварагасда ﷺ нахърилълъунарел г1адамаз абулеб буго гьев Мух1амадида цо муг1жизат рещт1унебани, гьев х1акъав авараг ﷺ вук1ин жинца бицунеб»-абун.**

Муса ва Г1иса аварагасе عليهما السلام рук1арал муг1жизатал г1адал.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасе гьаб хирияб Къуръаналда хадурги г1емерал муг1жизатал рук1ана, амма мушриказда гьел рихьулел рук1инч1о ва гьезие гьел г1олел рук1инч1о. **Мун Мух1аммад ﷺ, гьеб къавмалъе х1инкъи кьолев авараг ﷺ вуго ва щибаб къавмалдаги вит1ун вук1ана гьел Аллагь ﷻ цо гьавиялде ва бит1араб диналде т1орит1улев авараг ﷺ.** Муг1жизатал рещт1инги ва цогидаб амруги Аллагьасда ﷻ кодоб буго.

ٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَحْمِلُ كُلُّ أُنثَىٰ وَمَا تَغِيضُ ٱلْأَرْحَامُ وَمَا تَزْدَادُۖ وَكُلُّ شَيْءٍ عِندَهُۥ بِمِقْدَارٍ ۝٨

**8. Т1адег1анав Алллагь вуго жинда лъалев щибаб ц1уяб жоялъул рах1моялда (матка) жаниб бугеб т1инч1 ва лъимер кинаб бугеб.**

Бихьинабищ ц1уябищ, берцинаб-сурарабищ, сахаб, яги г1узруябищ. Бахьибугебищ, яги къосарабищ, Ц1одорабищ, яги г1адалабищ ва цогидалги сипатал.

**Жиб гьабизе мех щвеч1ого рах1моялдаса къват1ибе бач1унеб жоги лъала Аллагьасда ﷻ, гьениб жаниб гьабизе мех щун хадуб хут1улеб жоги лъала.** Ич1го моц1 т1убач1ого гьабизе бугеб ва гьелдаса г1емер заманалдаса гьабизе бугеб лъимер лъала. Х1орхун къват1иб рехулебги лъала, цойищ, яги г1емер лъимерищ бугебги лъала. **Кинабго жоялъе Аллагьас ﷻ бихьизе гьабураб заман ва къадар буго.** Жиндир х1икматалда рекъон хьвадизабула кинабго жо ва гьеб Аллагьасул ﷻ къадар хисизабизе к1олев чиги вук1унаро.

عَٰلِمُ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ ٱلْكَبِيرُ ٱلْمُتَعَالِ ۝٩

**9. Нилъее бихьиялдаса ва лъаялдаса рик1к1адаб (гъаибаб)**

**жоги лъала Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва нилъеда бихьулеб, лъалеб жоги лъала.**

Ццебехун араб ва хадуб букlинесеб жоги лъала. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лъай буго жинца кинабго жоялда щвей гьабулеб. **Кинабго жоялдаса жиндир гьунар-къуват кlудияв, жиндир ханлъиялдалъун ва ихтияраздалъун кинабго жоялда тlад вугев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.**

Гlелмиял цlех-рехаздалъун ва гьанже ругел батlи-батlиял алатаздалъун тохтурзабазда кlола ургьиб бугеб лъимералъул сипатал рицине, гьел сипатал загьирлъун хадур. Ва амма Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лъай буго гьеб лъимер ургьибе ккелелде ццебего жинда гьеб лъимералъул кинабго хlакъикъат лъалеб ва гьеб нутlфа (маниялъул къатlра) рахlмоялда жаниб ккаралдаса байбихьун ахираталда хlисаб-мизан гьабун жиндир абадияб рукъоб (алжаналде, яги жужахlалде) гьеб лъимер лъугьинегlан гьелъ гьабизесеб жо лъалеб.

Инсан мекъи ккезе бегьулеб бакl буго гьаб: Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гурого лъаларищ ургьиб бугеб лъимералъул сипатал, яги зоб-ракьалъул ахlвал-хlалал, гьеб гlалимзабаздаги лъала, гьезул цlакъ ццебе тlураб алат (техника) буго абун ракlалде ккун. Бусурманчи гьеб пикру реклелъ хlалтlизе биччаялдаса цlунун вукlине ккела.

Кутакалда астрономия абулеб гlелму ццебетlун букlингун цадахъ гьеб гlелмуялъул гlалимзаби мукlурлъун руго гьаб махлукъаталъул (Вселенная) гlорхъи-рахъ кодобе щвезе кlунгутlиялда. Гьеб рагlиялъул магlна буго жидер гlелмуялдалъун гьезда бичlчlун буго жидеда лъалеб ва лъазе рес бугеб жо цlакъ дагь букlин ва лъалареб, лъазе ресги гьечlеб жо гlемер букlин.

Гьаб астрономия буго кlудияб жоялъул лъай цlехолеб гlелму. Цоги гlелму буго гьитlинаб жоялъул лъай цlехолеб: зарраби (клетки) кин рижулел ва рикьулел абун. Гьеб гlелмуги гlажизлъун буго нейтрон ва протон абулеб жиндаса зарра данде гьабулеб кlиго бутlа лъаялда жиб щвараб мехалъ, гьеб бикьизабулеб къуват щиб бугеб лъаялдаса.

Ибнухатlибица абуна: Тlадегlанав Аллагьас жиндир хlикматалда рекъон гьаб махлукъат хьвадизабиялъе гlаламат буго кигlан гlемер заман баниги ва кигlан гlемерлъаниги халкъалъе ракьалда тlад бакlги къварилъуларо ризкъиги дагьлъуларо. Руччаби-бихьиназул гlемерлъи-дагьлъиги хисуларо.

Эбелалъ тlинчl, яги лъимер гьабураб мехалъ каранда яги гъвариялда жаниб тlоцебе бачlунеб цlо абулеб жо щибго жиндилъ кванил мунпагlат гьечlеб жо букlуна. Гьеб цlоялъ лъимералъул бакьал чурулеб, гьел квен жаниб хlалтlулел лъугьине сабаб гьабула. Гьелда

хадуб эбелалъул каранде бач1унеб рахь бук1уна лъимералъул къоязда рекъон, гьелъ хахун х1ехьолеб ва гьелъие къвариг1унеб ва г1олеб т1аг1ам гъорлъ бугеб. Лъимер к1одолъанаг1ан гьеб рахьги жиндир т1аг1амалъул г1уц1ц1и (состав) хисун гьеб лъимералъе х1ажатаб т1аг1ам жинда гъоркьоб бугеб лъугьуна. Гьей эбелалъул къаркъалаги добго бук1уна, гьелъул квенги добго бук1уна. Гьеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1икматаздаса цо х1икмат.

Цоги х1икмат буго: хинал улкабаздаги хасалихълъиялда гъвет1-хералъ бакъвазе байбихьула, т1амах т1аса рехула, г1урччинлъи т1аг1уна. Хасало заман ц1адалги ралеб, регьелги г1емераб, гьаваги гьоркьохъеб бук1уна. Ай гъвет1-хер х1алт1изе рекъараб гьава-бакъ бук1уна, амма гьеб х1алт1уларо. Риидал лъимги дагьаб, гьаваги баг1арараб заманаялъ гьеб гъвет1-хер г1урччинлъун ц1илъун бук1уна. Гьабги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1икматаздаса цо х1икмат буго. Гьедин жинца пикру гьабурав чиясе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин лъазе ва гьев цо вук1ин лъазе г1емерал далилал руго.

**10. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1елмуялъулъ цого х1алалъ вуго нужедаса бальго, щурун жинца жо бицарав чиги, раг1инабун, т1атун жо бицарав чиги.**

سَوَآءٌ مِّنكُم مَّنْ أَسَرَّ ٱلْقَوْلَ وَمَن جَهَرَ بِهِۦ وَمَنْ هُوَ مُسْتَخْفٍۭ بِٱلَّيْلِ وَسَارِبٌۢ بِٱلنَّهَارِ ١٠

Жеги нужеца бицинч1еб, нужер рек1елъ бугеб жоги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ. **Гьединго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лъаялъулъ цо х1алалъ вуго бец1аб сардилъ г1адамаздаса бальго г1амал гьабулев чи: лъик1аб бук1а гьеб г1амал, яги квешаб бук1а. Къад къоялъ г1адамазда гьоркьов хьвадулевлъун вук1ун жинца г1амал гьабурав чиги.**

**11. Гьев инсанасеги руго цояз цоялал хисулел, цояв нахъе инелдего цогидав вач1ун аск1ов ч1ун рук1унел малаикзаби. Гьел малаикзаби жидеца гьев инсан ццересан рач1ун, нахъасан рач1ун, хьолбодасан рач1ун ц1унулел руго.**

لَهُۥ مُعَقِّبَٰتٌ مِّنۢ بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهِۦ يَحْفَظُونَهُۥ مِنْ أَمْرِ ٱللَّهِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُغَيِّرُ مَا بِقَوْمٍ حَتَّىٰ يُغَيِّرُوا۟ مَا بِأَنفُسِهِمْ ۗ وَإِذَآ أَرَادَ ٱللَّهُ بِقَوْمٍ سُوٓءًا فَلَا مَرَدَّ لَهُۥ ۚ وَمَا لَهُم مِّن دُونِهِۦ مِن وَالٍ ١١

Гьесда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун гурони щибго квешабниги лъик1абниги жо щоларо. Малаикзабаца кинабго х1алалъ инсан ц1унун вук1уна ва гьес гьабураб кинабго г1амалги хъван бук1уна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул машгьурал х1адисал руго

щивав инсанасул г1амалал хъвалел малаикзаби рук1иналда т1орит1ел гьабулел. Гьаб аяталъул ва гьел х1адисазул маг1на данде бачун Ибнукасирица абуна:

Щивав инсанасе сордо-къоялда жанив микьго малаик вуго. Ункъго радал рач1унел ва ункъго бакъанида рач1унел. Гьел малаикзабазул к1игояв лагъасул г1амал хъвалел руго: кваранисан вугес лъик1аб г1амал, квег1исан вугес квешаб г1амал хъвала. Цоги к1иго малаик вуго цо цевехун ч1ун, цояв нахъехун ч1ун гьесдаса зарал гьабулел рух1ч1аголъаби, г1адамал ва жундул нахъч1валел- абун.

**Х1акълъунго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ халкъалда бугеб лъик1абниги квешабниги х1ал хисизабуларо, гьеб халкъалъ жидецаго жидер х1ал хисизабун гурони.** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ мут1иг1лъун, гьесие г1ибадат гьабун берцинаб х1алалъ муъминзаби хьвадараб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие берцинаб яшав ва парахатаб г1умру кьун бук1уна. Гьеб х1алги хисун муъминзабаца г1асилъаби гьарураб мехалъ гьел г1асилъабазде данде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезда т1аде къварилъабиги риччала.

Г1асилъи-пасикълъиялда, куфру-ширкалда цо къавм хьвадараб мехалъ гьезул х1алги квешаб бук1уна, загьиралда, бихьулеб бак1алда, гьел лъик1 ругин кканиги, гьезул рак1алги чурхдулги ургъел-къварилъиялъулъ рук1уна. Гьез тавбу гьабун лъик1аб г1амал гьабун гурони Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул х1алги хисизабуларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдасан бицараб х1адисалъулъ буго: *«Аллагьас вах1ю гьабуна цо къавмалде вит1арав аварагасда дуца гьеб къавмалда абе: цо росдал агьлу яги цо хъизан Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ т1аг1ат-г1ибадат гьабиялдаса буссун гьесде г1асилъиялда хьвадараб мехалъ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие бокьулеб жоги гьездаса нахъе босун, гьезие рихараб жо биччала гьезде т1аде»*- абун. Х1адис ибну Абишайбатица бицана гъарибаблъун.

**Т1адег1анав Аллагьасе бокьараб мехалъ цо квешаб къавмалъе г1азаб гьабизе, гьеб г1азаб нахъч1валев щивго чи вук1унаро. Гьеб къавмалъе цоги Вали ва Насир вук1унаро цох1о Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев.** Жив гьезда гурх1улев, гьезул умуразул тадбир гьабулев гьудул-гьалмагъ, г1ага-божарав чи вук1унаро.

هُوَ ٱلَّذِي يُرِيكُمُ ٱلۡبَرۡقَ خَوۡفٗا وَطَمَعٗا وَيُنشِئُ ٱلسَّحَابَ ٱلثِّقَالَ ١٢

**12. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго нужер Бет1ергьан, нужеда зодисан паркъун унеб пири бихьизабулев, нак1к1ал цоцалъ журан, гьел данделъун ц1ад баялде г1агарлъулеб мехалъ. Гьеб пири паркъиялъул нужее х1инкъиги бук1уна** гьеб ракъалда реч1ч1ун нужее зарал ккезе гурин

абун. **Ва нужер хьул лъейги бук1уна:** зоб гъугъан, пири пирхун нак1к1ал данделъараб мехалъ нужее лъик1аб ц1ад бала абун. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ данде гьарула зобалазда лъел ц1урал, бак1ал нак1к1ал.**

وَيُسَبِّحُ ٱلرَّعْدُ بِحَمْدِهِۦ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ مِنْ خِيفَتِهِۦ وَيُرْسِلُ ٱلصَّوَٰعِقَ فَيُصِيبُ بِهَا مَن يَشَآءُ وَهُمْ يُجَٰدِلُونَ فِى ٱللَّهِ وَهُوَ شَدِيدُ ٱلْمِحَالِ ﴿١٣﴾

**13. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1ад гьавун, гьесие рецц гьабун зодил гъугъайги бахъуна.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1ад гьавула гьел нак1к1аз, гьесие рецц гьабиялда хурхун бугеб х1алалъ гьезул тасбих1. **Ва малаикзабацаги тасбих1 гьабула Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1ад гьавун ва гьесул г1азабалдаса х1инкъун.** Зодил гъугъай Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбих1 гьабулеб гьаракь бук1иналда нилълъ божизе кколеб, нилъеца иман лъезе т1адаб жо буго. Т1адег1анав Аллагьасул раг1и буго: «Зобал-ракьазда жаниб щибго жо гьеч1о жинца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбих1 гьабулеб бук1ун гурони» - абураб. Нилъеда гьеб тасбих1 раг1уларо ва бич1ч1уларо ва амма тасбих1 гьабулеб бук1ин х1акъаб жо буго.

«Субх1аналлагь» абураб раг1и буго тасбих1 гьабиялъул бищун къокъаб раг1и. Гьелъул маг1наги буго: «Аллагь вац1ц1адав вуго ва Т1адег1анав вуго кинабг1аги жиндилъ нукъсанлъи бугеб сипат жиндие бук1иналдаса»-абураб. Малаикзабаз гьабулеб тасбих1 буго «Субх1аналлагьи ва бих1амдигьи Субх1аналлагьил г1азим» абураб раг1и. Гьалъул маг1наги буго: «Дица Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1ад гьавула, дица гьесие рецццги гьабулеб бугеб х1алалъ. Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир къадру к1удияв ва жив вац1ц1адав вуго» - абураб.

Гьаб раг1и нилъеца г1емер абизе рекъараб буго гьаб маг1наги хал гьабун. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1агарда ругел, жидер мунагь-хат1а гьеч1ел малаикзабазул тасбих1 буго гьеб, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул рак1азда ва мац1азда илгьам (вах1ю) гьабун жидеца гьабулеб.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас зодил гъугъай раг1араб мехалъ гьаб аят ц1алулеб бук1ана»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса бицараб х1адисалдаги буго:*«Нужеда зобал гъугъалел раг1араб мехалъ нужеца Аллагь рехсе. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсолев чиясда пири реч1ч1уларо»*-абун. Х1адис Т1абараниияс бицана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас зоб гъугъан, пири пирхун ц1ад базе г1агарлъараб мехалъ абулеб бук1ана:*«Я нижер Аллагь جَلَّجَلَالُهُ. Дуца*

*нижч1ваге дур цүим бахъиялдалъун, дур г1азабалдалъун нижгьалагги гьаруге. Дур цүим бахъинелде цере нижгьеб цүим бахъиялдаса хвасар гьаре»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**Аллагьас** ﷻ **зодиса ц1адул г1азабги бит1ула:** пири реч1ч1ула. **Гьеб пири Аллагьасе** ﷻ **жив гьалаг гьавизе бокьарав чиясда щола. Гьал Маккаялъул мушрикал Аллагьасде** ﷻ **къец гьабун гаргадулел руго:** гьев цох1огояв Аллагь ﷻ вук1иналде инкар ккун, ахират бук1иналдеги инкар ккун. **Т1адег1анав Аллагь жиндир къуват ва г1азаб гучав вуго.** Жинда г1аслъарав чиясдаса цүим босизе к1олев, жиндие бокьараб мехалъ ва бокьараб х1алалъ гьев чи гьалаг гьавизе к1олев вуго.

Гьаб аят рещт1инабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса х1адис бицана:

*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо асх1аб вит1ана г1арабиязул ц1акъ квешав инкарчи исламияб диналде ах1изе ва гьев жиндихъе вач1а абун абизе. Асх1абас абуна: «Я расулаллагь* ﷺ*! Гьев чи ц1акъ квешав, ч1ух1арав ва гванзав чи вуго» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв варагас абуна: «Мун а гьесухъе ва гьев дихъе ах1е!»-абун. Аллагь разилъаяв асх1абас гьев чиясухъе ун гьесда абуна: «Мун Аллагьасул расулас жиндихъего ах1улев вуго» - абун. Дов чияс рак1 релъи гьабун абуна: «Дуца дида бице гьев Мух1аммадил* ﷺ *Аллагь щиб жоялъул гьавурав вугев: меседилищ, г1арцулищ, яги т1ухьидулищ?» - абун.*

*Асх1аб т1адвуссун аварагасухъе* ﷺ *вач1ана ва дов чияс абураб жоги бицана, жегиги абуна:*

*«Дица дуда абулеб бук1ана гурищ, я Бичасул расул, гьев чи ц1акъ квешав, сог1ав чи вуго»-абун. Цингиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьев асх1аб вит1ана довго чиясухъе ва гьев жиндихъе ах1е абуна. Хирияв асх1аб гьев чисда аск1ов щун гаргадулаго дов чияс жиндирго ч1ух1араб хабар бицунеб бук1ана. Цинги Аллагьас гьев чиясул бет1ералда т1ад цо нак1к1 баккизабуна ва гьенисан пири реч1ч1ун дов чиясул бет1ералъул т1алъел (череп) т1аса бахъун ана ва гьевги хун г1одов ккана» -* абун. Х1адис абуЯг1лаца бицана.

Цоги х1адисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялде щвараб мехалъ, гьесда ч1ух1и гьабун Г1амир ибну Т1упайл абулев ва Арбат ибну Рабиг1ат абулев к1иго чи аварагасда* ﷺ *к1алъана: «Гьаб Мадинаялъул ва сверухъ бугеб кинабго халкъалъул ва ракьазул бащадаб жидер ихтиаралда те»-абун. Аллагьасул свалат*

*салам лъеяв аварагас гьеб къабул гьабич1еб мехалъ гьев к1иясго авараг ﷺ ч1вазе х1укму гьабуна ва гьесде данде боял рак1аризе ва рагъ гьабизе х1адурана. Т1адег1анав Аллагьас Арбат ибну Рабиг1ат абулев чи пири реч1ч1ун ч1вана. Г1амир ибну Т1упайл абулев чиги квешаб унти баккун хвезе гьавуна. Гьев к1иясулго х1акъалъулъ рещт1инабуна гьаб 13 абилеб аятанги абуна.* Х1адис Т1абаранияс бицана.

لَهُۥ دَعۡوَةُ ٱلۡحَقِّۖ وَٱلَّذِينَ يَدۡعُونَ مِن دُونِهِۦ لَا يَسۡتَجِيبُونَ لَهُم بِشَيۡءٍ إِلَّا كَبَٰسِطِ كَفَّيۡهِ إِلَى ٱلۡمَآءِ لِيَبۡلُغَ فَاهُ وَمَا هُوَ بِبَٰلِغِهِۦۚ وَمَا دُعَآءُ ٱلۡكَٰفِرِينَ إِلَّا فِي ضَلَٰلٖ ١٤

**14. Цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго х1акъикъияб г1ибадат гьаби.** Гьев гурев щивго гьеч1о жиндие г1ибадат гьабизе ва жинда ах1и базе мустах1икъав. **Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун мушрикаца жидее г1ибадат гьабулел алагьзаби щибго гьезие кумек гьабуларел ва гьезул ах1иялъе жаваб кьоларел руго. Хъанчазе лагълъи гьабиялъулъ мушриказул мисал буго: рик1к1ад бугеб лъималдехун квералги рит1ун гьелда ах1и балел г1адамазул мисал:** мун нижер к1алдиб бач1а ниж къечон руго абун. Гьеб лъим жинда щибго жо раг1улареб, гьезул мурад бич1ч1улареб буго **ва гьеб кидаго жибго бач1ун гьезул к1алдибеги лъугьунаро. Гьал капурзабазул г1ибадат ва гьазул хъанчазда ах1и бай г1адада хвараб х1акъаб нухдаса къосун ккараб иш гурого гьеч1о.**

Гьел г1адамазда лъалеб гьеч1о жидеца г1ибадат гьабизе х1акъав ва жидее кумек гьабулев цох1о Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин. Бат1и-бат1иял алагьзабазе лагълъи гьабиялдалъун гьел х1акъаб нух билун, х1айранлъун свердулел хут1арал г1адамазда релълъун руго: жидеда г1емераб г1акъубаги бихьулел ва щибго жидер мурадалдеги щоларел.

وَلِلَّهِ يَسۡجُدُ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ طَوۡعٗا وَكَرۡهٗا وَظِلَٰلُهُم بِٱلۡغُدُوِّ وَٱلۡأٓصَالِ۩ ١٥

**15. Зобал-ракьазда жаниб ва гьоркьоб бугеб кинабго жо буго жинца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мук1урлъун, яги бокьич1ого сужда гьабулеблъун.**

Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъун, гьев вокьун, гьесул амруялда нахърилълъун гьабула муъминзабаца сужда. Жидер чара хвараб, рес къот1араб бак1алде ккараб мехалъ капурзабацаги сужда гьабула. **Г1адамазул раг1адалги радал бакъанида Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабулел руго.** Бакъ баккулеб мехалъ ва т1ерхьунеб мехалъ щибаб жоялъул раг1ад ракьалда т1ад бегун, халалъун бук1уна.

Цоги г1алимзабаца абуна: Бакъ баккиялда цебе ва бакъ т1ерхьун хадуб кинабниги махлукъаталъул раг1адалъ Аллагьасе сужда гьабула абун.

Рух1 гьеч1еб жоги Аллагьасе ﷻ мут1иг1аб бук1ин, гьесие тасбих1 гьабулеб бук1ин, гьесие сужда гьабулеб бук1ин, Къуръаналда жаниб г1емер бак1алда бицун буго. Гьеб г1ажаиблъи гьабизе ккараб иш гьеч1о. Т1адег1анав Аллагьасе щибго бат1алъи гьеч1о жиндир махлукъаталъе жиндие бокьараб тасаруп (хис-бас свери) гьабиялда жаниб. Бокьараб рух1 гьеч1еб жо к1алъалеб гьабизеги к1ола Аллагьасда ﷻ, рух1 бугеб жо к1алъалареб гьабизеги к1ола.

Гьаб аят ц1алараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

قُلْ مَن رَّبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ قُلِ ٱللَّهُ ۚ قُلْ
أَفَٱتَّخَذْتُم مِّن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ لَا يَمْلِكُونَ
لِأَنفُسِهِمْ نَفْعًا وَلَا ضَرًّا ۚ قُلْ هَلْ يَسْتَوِى ٱلْأَعْمَىٰ
وَٱلْبَصِيرُ أَمْ هَلْ تَسْتَوِى ٱلظُّلُمَٰتُ وَٱلنُّورُ ۗ أَمْ جَعَلُوا۟
لِلَّهِ شُرَكَآءَ خَلَقُوا۟ كَخَلْقِهِۦ فَتَشَٰبَهَ ٱلْخَلْقُ عَلَيْهِمْ ۚ قُلِ
ٱللَّهُ خَٰلِقُ كُلِّ شَىْءٍ وَهُوَ ٱلْوَٰحِدُ ٱلْقَهَّٰرُ ﴿١٦﴾

**16. Дуца гьел мушриказда абе Мух1аммад ﷺ, гьаб кинабго зобракьалъул Бет1ергьан щив вугев?** Гьелъул тадбир гьабулев, гьезие ризкъи кьолев? Гьез дуе жаваб гьабич1они, **дуца абе: Аллагь ﷻ вуго гьелъул Бет1ергьан абун. Цоги дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ: нужеца гьев Аллагьги ﷻ живго тун цоги вализаби (гьудулзабийищха) кколел жидеда мугъч1вай гьабулел ва жидеда ах1и балел. Гьел вализабаца жидерго напсазе щибго мунпаг1ат яги заралги гьабуларел.** Жидеего мунпаг1ат, яги зарал гьабизе к1оларел вализабаца (хъанчаз) нужее щиб жо гьабизе бугеб?

**Цоги дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ, нужеца бице, беццав чиги канлъи бихьулев чиги цох1о даражаялда вук1унищ, яги бакъул канлъиги сардил бец1лъиги цох1о къадруялда бук1унищ?** Рук1унаро беццавги канавги чи цо даражаялда ва бец1аб сордоги бакъул нурги цоцазда релълъун бук1унаро жиндаса пайда босиялъулъ.

Гьеб мисал буго жидер рек1елъ иманалъул нур гьеч1ел, жидеда х1акъаб жо бихьуларел капурзабазулги, иманалъул нур рек1елъ бугел ва жидеда Аллагь-аварагги, х1акъаб динги лъалел муъминзабазулги мисал. Х1акъаб жоялдаги бат1улаб жоялдаги гьоркьоб беццав чиясдаги канлъи бихьулев чиясдаги гьоркьоб г1адаб бат1алъи буго. Иманалдаги куфруялдаги гьоркьоб бугеб бат1алъиги бакъул нуралдаги сардил бец1лъиялдаги гьоркьоб бугеб г1адаб бат1алъи буго.

**Яги гьел капурзабаца Алагьасе ﷻ г1ахьалчаг1ийищ гьарулел ругел, гьес бижараб г1адин жидецаги жо бижулел?** К1оларо гьел хъанчазда ва мушрикаца Аллагьасде ﷻ ширк гьабун жидее г1ибадат гьабулеб цоги щибниги жоялда Аллагьас ﷻ бижизабураб г1адаб жо бижизабизе. Гьединал жидеца щибго зарал, яги хайир гьабуларел жал

алагьлъун кин кколел?

**Ахиралдаги дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ, жинца кинабго жо бижулев цох1о Аллагь ﷻ вуго. Кинабго жоялда х1алк1олев, кинабго жоялда жиндир гуч бергьарав ва кинабго жоялда къуваталдалъун т1адег1анлъарав вуго гьев Аллагь ﷻ.** Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндие лагълъи гьабизе х1акъав, жинца ниг1матал кьолев, ахираталда х1исаб-мизан ва жазаъ жинца гьабизе бугев Бет1ергьан.

أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءٗ فَسَالَتۡ أَوۡدِيَةُۢ بِقَدَرِهَا
فَٱحۡتَمَلَ ٱلسَّيۡلُ زَبَدٗا رَّابِيٗاۖ وَمِمَّا يُوقِدُونَ عَلَيۡهِ
فِي ٱلنَّارِ ٱبۡتِغَآءَ حِلۡيَةٍ أَوۡ مَتَٰعٖ زَبَدٞ مِّثۡلُهُۥۚ
كَذَٰلِكَ يَضۡرِبُ ٱللَّهُ ٱلۡحَقَّ وَٱلۡبَٰطِلَۚ فَأَمَّا ٱلزَّبَدُ
فَيَذۡهَبُ جُفَآءٗۖ وَأَمَّا مَا يَنفَعُ ٱلنَّاسَ فَيَمۡكُثُ
فِي ٱلۡأَرۡضِۚ كَذَٰلِكَ يَضۡرِبُ ٱللَّهُ ٱلۡأَمۡثَالَ ١٧

**17. Т1адег1анав Аллагьас зодисан ц1ад рещт1инабуна. Гьеб ц1адал лъималъул иххал-лъарал лъугьун к1к1алабахъан лъим чвахана. Гьит1инал к1к1алабахъан дагьаб чвахана, к1удиязухъан г1емераб чвахана. Цинги гьеб лъималъ ракьалда т1ад бук1араб кинабго чороклъи бак1арун нахъе ана.** Гьеб мисал буго х1акъабги бат1улабги жоялъе бачараб. Х1акъаб жо буго ц1адал лъималда релълъараб: жинца ракьалъе пайдаги гьабулеб ва гьелда т1ад бугеб чороклъиги нахъе инабулеб. Гьеб ц1адал лъималъ бак1арун унеб рищни-къулалда релълъараб жо буго бат1улаб жо, жиб цо бак1алда ч1олареб ва жиндаса щибго мунпаг1ат гьеч1еб.

**Г1адамаз ц1адаб лъун биинабун жиндаса ц1араг1и ва курхьин к1илик1 гьабулеб г1арац-меседалдаги, тути, пахь, маххалда т1адги бук1уна гьединабго чороклъи, ц1аялъ жиб бат1а гьабулеб.** Гьаб цоги мисал буго х1акъаб ва бат1улаб жоялъе бачараб. **Гьадин Аллагьас ﷻ мисал бачун баян гьабула х1акъабги бат1улабги жо. Ц1аялъ ва лъималъ бат1а гьабураб полоп ва чороклъи лъималъ бачун нахъе уна ва рахъ-рахъалде рехун кибе араб лъач1ого т1аг1уна. Г1адамазе жинца мунпаг1ат гьабулеб жо ракьалда т1ад ч1ола ва ракьалда жанибги ч1ола. Гьедин Аллагьас ﷻ мисал бачуна г1адамазда жо бич1ч1изе ва гьез мунпаг1ат босизе.**

Жинда Аллагь разилъаяв Абумуса Алашг1ариясдаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Т1адег1анав Аллагьас халкъ иманалда т1обит1изе дун вит1иялъул мисал буго ракьалда балеб ц1адалъул мисал. Гьеб ц1ад лъик1аб, тамахаб ракьалда т1аде бараб мехалъ ц1ад ракьулъе уна ва гьелдалъун берцинаб хур-хер ва ниг1матал рижуна. Цоги ракь бук1уна гьеб ц1ад жинда т1аде щвараб мехалъ х1орал лъугьун, гьеб лъим жинда*

*т1ад ч1олеб ва гьелдаса г1адамазги х1айваназги мупаг1ат босулеб: лъим гьекъон, гьеб лъималдалъун ах-хур лъалъан. Цоги ракь бук1уна ц1адал лъим жанибеги биччалареб, т1адги ч1олареб ц1вакараб къоно г1адаб.*

*Аллагьасул дин жинда бич1ч1арав, дун жиндалъун вач1араб жо жинца лъазабурав ва цогидаздаги гьеб малъарав чи вуго т1убанго жиндие мунпаг1ат щварав чи. Щибго жо жинда бич1ч1ич1ев, Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *т1орит1ел жинца къабулги гьабич1ев чи вуго ц1вакараб къоно г1адав чи»* – абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

لِلَّذِينَ ٱسْتَجَابُوا۟ لِرَبِّهِمُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ وَٱلَّذِينَ لَمْ
يَسْتَجِيبُوا۟ لَهُۥ لَوْ أَنَّ لَهُم مَّا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا
وَمِثْلَهُۥ مَعَهُۥ لَٱفْتَدَوْا۟ بِهِۦٓ ۚ أُو۟لَـٰٓئِكَ لَهُمْ سُوٓءُ
ٱلْحِسَابِ وَمَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ ٱلْمِهَادُ ١٨

**18. Аллагьасул расулас диналде ах1араб мехалъ гьев расуласе жаваб кьун жидеца иман лъурал,** цинги лъик1аб г1амал гьабун шарг1алда рекъон хьвадарал муъминзабазе, **ахираталда алжан ва Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи буго. Жидеца иман лъеч1ел, Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **ах1улев расуласе жавабги кьеч1ел капурзаби ахираталде щвараб мехалъ** ва гьениб жидее бугеб г1азаб-къварилъиги бихьараб мехалъ, **гьаб дунялалда бугебщинаб бечелъиги кьун ва цоги гьедиг1анаб бечелъи бугониги гьебги кьун, жидеца гьеб г1азабалдаса хвасарлъи т1алаб гьабизе буго. Гьел г1адамал руго жидер х1исаб-мизан квешаб бук1ине бугел ва жидер руссунеб бак1ги жужах1 бук1ине бугел. Ц1акъ квешаб бусен ва ц1акъ квешаб руссунеб бак1 буго гьеб жужах1.**

۞ أَفَمَن يَعْلَمُ أَنَّمَآ أُنزِلَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ ٱلْحَقُّ كَمَنْ
هُوَ أَعْمَىٰٓ ۚ إِنَّمَا يَتَذَكَّرُ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَـٰبِ ١٩

**19. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дуде рещт1инабураб Къуръаналде иман лъун, жинда гьеб х1акъаб жо бук1ин лъан бугев чиги, гьелда иман лъеч1ого беццав чи г1адин нух бихьуларого вугев чиги ращад рук1инищха?** Вук1унаро гьев к1иго чи ващад. **Гьаб Къуръаналъул ваг1за босула ва гьелъул пайда лъугьула жидер г1акълу бугел ва гьеб г1акълу бит1ун х1алт1изабулел г1адамазе.**

ٱلَّذِينَ يُوفُونَ بِعَهْدِ ٱللَّهِ وَلَا يَنقُضُونَ ٱلْمِيثَـٰقَ ٢٠

**20. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабураб къот1и т1убазабулел руго муъминзаби ва г1акълудал бет1ергьаби.**

Гьесул амру-нагью ва киналго шарг1иял х1укмаби т1убазабулел. **Гьединго Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **ва г1адамазе гьабураб божилъиги биххизабуларел.** жидеда гьоркьор гьарурал къот1аби т1уразарулел ва

гьеб къот1уе хиянат гьабуларел рук1уна муъминзаби.

**21. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидеде амру гьабураб х1алалъ г1агарлъиялда гьоркьоб гурх1ел-рах1муги гьабулел. Жидер Бет1ергьанасдасаги х1инкъулел,**

وَٱلَّذِينَ يَصِلُونَ مَآ أَمَرَ ٱللَّهُ بِهِۦٓ أَن يُوصَلَ
وَيَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ وَيَخَافُونَ سُوٓءَ ٱلْحِسَابِ ﴿٢١﴾

гьесул амру тезе ва гьесде г1асилъизе. **Ахираталда квешаб х1исаб-мизан ккеялдасаги х1инкъун рук1унел.** Гьедин бугелъул, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шарг1алда бит1ун хьвадулел, аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталги ц1унулел.

**22. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьабун жидеде рач1арал къварилъаби х1ехьон сабру гьабулел. Жидер г1орхъаби ц1унун ва х1укъукъал т1уран паризаяб какги балел. Дица жидее кьураб х1алалаб бац1ц1адаб ризкъиялдаса напакъаги кьолел.**

وَٱلَّذِينَ صَبَرُوا۟ ٱبْتِغَآءَ وَجْهِ رَبِّهِمْ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ
وَأَنفَقُوا۟ مِمَّا رَزَقْنَـٰهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً وَيَدْرَءُونَ
بِٱلْحَسَنَةِ ٱلسَّيِّئَةَ أُو۟لَـٰٓئِكَ لَهُمْ عُقْبَى ٱلدَّارِ ﴿٢٢﴾

Паризаяб закат ва суннатаб садакъаги кьолел, жинда напакъа т1адал г1адамазе гьеб берцинго кьолел, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе г1ологи боц1и напакъаде кьолел. **Гьеб садакъа ва напакъа балъго ва загьирго кьолел. Жидеца лъик1аб жоялдалъун квешаб жо нахъч1валел**. Г1елмуялдалъун жагьиллъи нахъч1валел. Сабру-х1елмуялдалъун зулму-къварилъи нахъч1валел.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна, жиндаса квешлъи ккараб мехалъ гьелда хадуб лъик1аб г1амал гьабулел ва гьелдалъун квешаб г1амалги нахъч1валел абун. **Гьел г1адамал руго жидее лъик1аб ахират бугел**. Гьеб лъик1аб ахиратги гьаб хадуб бицараб жо буго:

**23.24. Даимго жидеда жанир ч1олел ниг1матазул алжанал руго гьел. Гьел лъик1ал г1адамал лъугьуна алжаназда жанире ва гьелгун цадахъ жидеца лъик1аб г1амал гьабурал гьезул умумул, рос-лъадиял ва лъималги лъугьуна.**

جَنَّـٰتُ عَدْنٍ يَدْخُلُونَهَا وَمَن صَلَحَ مِنْ ءَابَآئِهِمْ
وَأَزْوَٰجِهِمْ وَذُرِّيَّـٰتِهِمْ ۖ وَٱلْمَلَـٰٓئِكَةُ يَدْخُلُونَ
عَلَيْهِم مِّن كُلِّ بَابٍ ﴿٢٣﴾
سَلَـٰمٌ عَلَيْكُم بِمَا صَبَرْتُمْ ۚ فَنِعْمَ عُقْبَى ٱلدَّارِ ﴿٢٤﴾

Цо лъик1ав муъминчи алжаналде лъугьараб мехалъ гьесие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ шапаг1ат гьабизе изну кьун гьесул муъминал умумул, лъимал, рос-лъади гьевгун цадахъ гьев вугеб алжаналде лъугьинарула, гьезул даража макъам дагьаб бугониги.

**Цинги гьел муъминзабазда т1ад алжаналда жанире малаикзабиги лъугьуна щибаб рагьдухъан ва жидеца гьезие салам кьун к1одолъи гьабула ва гьезда абула: «Гьанже нужее саламатлъи ва**

**парахалъи буго дунялалда нужеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда ч1ун сабру гьабун бук1иналдалъун. Гьаб буго ц1акъ лъик1аб ахират ва лъик1аб руссунеб бак1»-абун.**

Гьал аятазда (20-24) жаниб т1адег1анав Аллагьас муъминзабазул ич1го сипат бицана. Гьел сипатал ва цогиги лъик1ал сипатал жидер рук1иналдалъун даимго жанир рук1унел ниг1матазул алжаназда жанире Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел лъугьинарулел ва жидер лъимал-хъизаналдаса жидее рокьарал муъминзабазе шапаг1ат гьабизе изнуги кьолел. Гьеб ич1абго сипаталги гьал руго:

1) Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабураб къот1и т1убазаби: гьесул амру-нагью т1убазаби буго гьеб.

2) Г1адамазе гьарурал божилъиял ва къот1аби хвезарун гьезие хиянат гьабунгут1и.

3) Г1агарлъиялда гьоркьоб гурх1ел-рах1му гьаби.

4) Цоцазе кумек гьаби ва цоцазул х1ажат т1убай.

5) Ахираталда х1исаб-мизан гьабулеб мехалъ гьениб жидер квешаб г1амал г1емер батун, жидее х1исаб-мизан квешаб ккеялдаса х1инкъулел рук1ин.

6) Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, гьесул диналъе г1оло жидеде щвараб зах1малъи-кварилъиялда сабру гьабулел рук1ин.

7) Х1укъукъал т1уран паризаяб как балел рук1ин.

8) Жидее Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьурал ниг1матаздасан паризаяб ва суннатаб садакъа кьолел рук1ин.

9) Жидер лъик1аб г1амалалдалъун жидедаса ккараб квешаб г1амал т1аса инабулел рук1ин.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Г1амридаса бицараб х1адисалда буго:

*«Бищун цере алжаналда лъугьунеб къокъа буго Маккаялдаса Мадинаялде гьижра гьабурал пакъирал ва мискинал мугьажиразул къокъа: жидеда г1емер кварилъи бихьарал, жидеда амру гьабураб мехалъ щибго раг1и данде абич1ого жидеца гьеб амруги т1убалел рук1арал. Т1ад вугев х1акимасде жидер киг1ан к1удияб х1ажалъи бугониги, гьебги жал хвезег1ан каранда жаниб бахчун тарал.*

*Т1адег1анав Аллагьас бищунго берцинаб ва ч1ух1араб алжан ах1ун жинда цебе бач1инабула, цинги жинца абула: «Кире ругел дир лагъзал: жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло рагъ гьабурал, гьеб сабаблъун жидее г1емер кварилъиги гьабурал. Дир диналъе г1оло жигьадги гьабурал. Нуж гьаб алжаналда жанире лъугьа, нужее г1азаб гьеч1ого ва щибго х1исаб-мизан гьеч1ого» - абун.*

*Цинги рачlун малаикзабаца Аллагьасе сужда гьабула ва жидецаги абула: «Я нижер Бетlергьан Аллагь ﷻ, нижж руго даимго дуе тасбихl-сужда ва хlамд гьабун гlибадат гьабурал. Гьал нижедасаги хира гьарурал гlадамал щал кколел?» - абун. Тlадегlанав Аллагьас абула: «Гьал руго дир диналъе гlоло жидеца жигьад гьабурал ва жидее гlемер заралги гьабурал гlадамал» - абун. Цинги гьезда тlаде малаикзаби лъугьуна щибаб рагьдухъан ва жидеца салам кьун тахlиятги (кlодолъиги) гьабула»* - абун. Хlадис Тlабаранияс бицана.

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, гьесда хадур Абубакар Гlумар ва Гlусман* رضي الله عنهم *асхlабасги шагьидзабазул хабалазда зиярат гьабулеб букlана ва (хабалазда аскlоре щвараб мехалъ) гьаб 24 аят цlалулеб букlана.* Хlадис ибну Касирица бицана.

Муъминзабазул сипаталги, гьезие ахираталда бугеб алжанги бицун хадуб тlадегlанав Аллагьас капурзабазул бицен гьабуна ва гьезие ахираталда бугеб жазаъги бицана:

وَٱلَّذِينَ يَنقُضُونَ عَهۡدَ ٱللَّهِ مِنۢ بَعۡدِ مِيثَٰقِهِۦ وَيَقۡطَعُونَ مَآ أَمَرَ ٱللَّهُ بِهِۦٓ أَن يُوصَلَ وَيُفۡسِدُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمُ ٱللَّعۡنَةُ وَلَهُمۡ سُوٓءُ ٱلدَّارِ ٢٥

**25. Аллагьас ﷻ жидедаса кьотlи босун хадуб жидеца Аллагьасе ﷻ гьабураб кьотlи хвезе гьабулел, Аллагьас ﷻ гlагарлъиялда гьоркьоб гурхlел-рахlму гьабе абураб мехалъ жидеца гьеб гурхlел-рахlму гьабуларел ва гlагарлъиялъе къварилъи гьабулел. Жидеца ракьалда тlад пасалъабиги гьарулел:** куфру-ширк гьабун, Аллагьасул ﷻ лагъзадерие зулму гьабун. **Гьал гlадамал руго жидеда Аллагьасул ﷻ лагlнат бугел:** жиндир гурхlел-рахlмуялдаса Аллагьас ﷻ рикlкlад гьарурал. **Гьазие ахираталда буго цlакъ квешаб рукъ** даимго жанир рукlунеб гlазабалъул рукъ жужахl буго гьеб.

Гьал капурал гlадамаз Аллагьасе ﷻ гьабураб кьотlи хвезабиялъул магlна буго зарра бижараб мехалъго Аллагьас ﷻ гьел заррабазда: «Дун нужер Бетlергьан вугищ» - абун гьикъараб мехалъ, гьез жаваб гьабун букlана: «Вуго мун нижер Бетlергьан Аллагь» - абун. Дунялалде рачlиндалго гьаб кьотlи хвезабун Аллагьасде ﷻ инкар ккун чlей буго гьезул квешаб гlамал.

ٱللَّهُ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ وَيَقۡدِرُۚ وَفَرِحُواْ بِٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَمَا ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَا فِي ٱلۡأٓخِرَةِ إِلَّا مَتَٰعٞ ٢٦

**26. Жиндир хlикматалда ва маслахlаталда рекъон Аллагьас ﷻ жиндир ризкъи цо гlадамазе гlатlид гьабун, гlемер гьабун кьола, цоги гlадамазе дагьаб кьун тола. Аллагьасде**

ﷻ **инкар ккурал, жидеца ширк гьабурал г1адамал дунялалъул маг1ишаталдаса роххун рук1уна.**

Гьелдаса лазат-рах1ат босулел абун рук1уна: гьеб ниг1мат лъица кьурабги лъаларо, гьелда данде щукруги гьабуларо. Жидерго гьунаралъ, жидее кьезе кколеб бук1ун кьураб буго гьеб маг1ишат абун ч1ух1ун рук1уна гьел. **Ахираталде данде ккураб мехалъ ва алжаналъул ниг1матазул х1исабги гьабураб мехалъ, ц1акъго х1акъираб жо буго гьаб дунялалъул ч1аголъи ва бечелъи.**

وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَوْلَآ أُنزِلَ عَلَيْهِ ءَايَةٌ مِّن رَّبِّهِۦ قُلْ إِنَّ ٱللَّهَ يُضِلُّ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِىٓ إِلَيْهِ مَنْ أَنَابَ ﴿٢٧﴾

**27. Аллагьасда** ﷻ **инкар ккун, гьесул расуласе мут1иг1лъич1ого хьвадулел капурзабаца абулеб буго: «Гьав Мух1амадида жиндир Бет1ергьанасул рахъалъан цо муг1жизат рещт1улебани,** цересел аварагзабазде عليهم السلام рещт1араб г1адин» - **абун. Дуца гьезда абе, Мух1аммад** ﷺ**: «Х1акълъунго Аллагьас жиндие бокьарав чи къосине гьавула х1акъаб нухалдаса.**

Киг1ан к1удияб муг1жизат бихьаниги гьес иманги лъоларо. **Жидер квешаб г1амал тун, иман лъун, аварагасда** ﷺ **нахърилълъарал г1адамал Аллагьас** ﷻ **х1акъаб диналда т1орит1ула» – абун.**

Т1адег1анав Аллагьас нужедаго гьоркьоса нужеда жинца гьереси бицунарев, божарав чилъун жив вук1ин лъалев Мух1аммад ﷺ авараглъунги вит1ун, гьесде Къуръанги рещт1ине гьабун, х1акъаб нухалда ва динул исламалде ах1араб мехал гьеб диналда рач1инч1ел нуж Аллагьас ﷻ гьеб нужер къосиналъулъ ва куфру-ширкалъулъ тола. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда мут1иг1лъун, гьесда рещт1инабураб Къуръаналда божун хьвадарал муъминзаби Аллагьас х1акъаб нухалда т1орит1арал руго ва гьезие лъик1аб ахиратги бук1ине буго.

ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُم بِذِكْرِ ٱللَّهِ ۗ أَلَا بِذِكْرِ ٱللَّهِ تَطْمَئِنُّ ٱلْقُلُوبُ ﴿٢٨﴾

**28. Жидее ахираталда алжан бугел муъминзаби руго жидеца муг1жизатал т1алаб гьарич1ого Аллагьасда** ﷻ **иман лъурал, цинги гьев рехсеялдалъун жидер рак1алги х1алхьолел.**

Т1адег1анав Аллагь жив цогояв хан вук1ин лъан гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабун, киналго умуразулъ гьесда божун ва тавакал т1амун рук1унел. **Нуж кант1е, я гьал г1адамал, Аллагь** ﷻ **даимго рек1елъ вук1иналъ, гьев цох1огояв, жиндие лагълъи гьабизе х1акъав Маг1буд вук1ин лъаялъ, рак1ал ц1акъ парахат гьарула.**

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъаларел г1адамазул рак1алги кидаго х1инкъиялда ва щакдариялда рук1уна.

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ طُوبَىٰ لَهُمْ وَحُسْنُ مَـَٔابٍ ﴿٢٩﴾

**29. Жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ахираталдаги иманги лъун, Мух1аммад аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахъги рилълъун, лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал муъминзабазе дунялалъул рукъобго лъик1лъи буго:** рак1 парахалъи, жал х1акъаб нухда рук1ин лъан, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божун ва хьуллъун рук1ин буго. **Ахираталдаги гьезул берцинаб руссунеб бак1ги буго.**

Ибнужаририца бицараб хабаралда буго: «т1у́ба» - абураб раг1иялъул маг1на бугин алжаналда жаниб бугеб гъвет1, цогидал алжаналъул гъут1би жиндир г1аркьелаллъун ругеб.

كَذَٰلِكَ أَرْسَلْنَٰكَ فِىٓ أُمَّةٍ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهَآ أُمَمٌ لِّتَتْلُوَا۟ عَلَيْهِمُ ٱلَّذِىٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ وَهُمْ يَكْفُرُونَ بِٱلرَّحْمَٰنِ ۚ قُلْ هُوَ رَبِّى لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ مَتَابِ ﴿٣٠﴾

**30. Дуда цересел умматазда аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рит1ун рук1араб г1адин, гьаб умматалде мун авараглъун вит1ана, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. Гьаб дур умматалдаса цере г1емер умматал рук1ана. Гьел киналго церехун ана ва гьезул заманги лъугьана.**

Гьаб дур уммат буго ахирияб уммат ва мунги вуго аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ахирав, гьезул мугьрулъун вугев, гьезул рахасалъул ахир къалев. **Дуца гьеб умматалъе гьаб хирияб Къуръан ц1ализе ва бицине. Дица дуда вах1ю гьабун, х1ажалъи бихьун рещт1инабулеб бугеб.**

**Кинабго жоялда жиндир рах1мат г1амлъарав Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун ч1ун руго Маккаялъул мушрикал. Дуца гьезда абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьев Рах1ман абун жиндир ц1ар бугев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго дир Бет1ергьан, жив гурев цоги Аллагь гьеч1ев вуго гьев. Дица гьесде буго тавакал т1амун ва дир вуссинги, рек1елгъейги, хьул лъейги гьесде буго.** Нуж диналде ах1улаго диде щвараб къварилъи-зарал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аск1об дие лъик1аб ажруялъе ва жазаалъе сабаблъун бук1ине буго.

وَلَوْ أَنَّ قُرْءَانًا سُيِّرَتْ بِهِ ٱلْجِبَالُ أَوْ قُطِّعَتْ بِهِ ٱلْأَرْضُ أَوْ كُلِّمَ بِهِ ٱلْمَوْتَىٰ ۗ بَل لِّلَّهِ ٱلْأَمْرُ جَمِيعًا ۗ أَفَلَمْ يَا۟يْـَٔسِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَن لَّوْ يَشَآءُ ٱللَّهُ لَهَدَى ٱلنَّاسَ جَمِيعًا ۗ وَلَا يَزَالُ ٱلَّذِينَ

**31. Т1адег1авна Аллагьас зодиса рещт1инарурал т1ахьазул цониги т1ехь бук1арабани гьеб ц1алараб мехалъ жидер бак1алдаса рагьарун муг1рул цоги бак1алде унеблъун, яги ракь бихъун, хъвалхьун унеблъун, яги**

كَفَرُوا۟ تُصِيبُهُم بِمَا صَنَعُوا۟ قَارِعَةٌ أَوْ تَحُلُّ قَرِيبًا مِّن دَارِهِمْ حَتَّىٰ يَأْتِيَ وَعْدُ ٱللَّهِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُخْلِفُ ٱلْمِيعَادَ ﴿٣١﴾

**хварал г1адамазе ц1алараб мехалъ Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьел ч1аго гьарун жаваб кьезе риччалеблъун.**
Гьаб Къуръанги бук1инаан гьеб ц1алараб мехалъ гьел г1аламатал лъугьунеблъун ва гьездасанги к1удиял г1аламатал лъугьунеблъун.
Гьединал г1аламатал рихьаниги Маккаялъул мушриказ гьелда иманги лъезе бук1инч1о. **Т1адег1анав Аллагь вуго кинабго амруялъул бет1ергьан.** Гьес жиндие бокьараб жо гьабула ва капурзабаца т1алаб гьабурал муг1жизатал рещт1инаруларо.
**Муъминзабазда бич1ч1изе мех щун гьеч1ищ ва гьез хьул къот1изе гьабуларищ «Киналго г1адамаз иман лъолебанищ абураб» раг1иялдаса? Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бокьарабани жинца киналго г1адамал иман лъураллъун гьарилаан.** Кинниги жиндир х1икматалда ва х1укму-къадаралда рекъон цоял иман лъурал, цогидал иман лъеч1ел рук1уна щибаб умматалъул г1адамал.
**Гьал Маккаялъул капурзабазда рач1унел къварилъаби т1аса ине гьеч1о гьезул куфру-ширк сабаблъун ва гьез аварагасеги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **муъминзабазеги г1акъуба-г1азаб гьаби сабаблъун. Яги гьезда сверухълъиялда балагьал щун гьелдалъун х1инкъизаризе руго, гьаб исламияб дин загьирлъизег1ан ва Макка шагьарги бахъун гьел мушриказда т1ад бергьенлъи босизег1ан. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинца гьабураб къот1иялъе хилиплъуларев вуго.** Гьебги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва муъминзабазе гьабураб къот1и буго жинца нужее квербакъизе буго абун ва исламияб дин цогидал киналго диназдаса бергьине буго абун.

وَلَقَدِ ٱسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ فَأَمْلَيْتُ لِلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ثُمَّ أَخَذْتُهُمْ ۖ فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ﴿٣٢﴾

32. Гьал Маккаялъул мушриказ дуе къварилъи гьабиялъул ва мун махсароде гьавиялъул дуца ургъел гьабуге, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. **Дуда церехун рук1арал аварагзабиги** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **къварид гьаруна жидер умматазул капурзабаца. Дица гьел капурзаби цодагьаб мехалъ нахърахъун тун рук1уна г1азаб гьабич1ого. Цинги Дица гьезие ц1акъ квешаб г1азаб гьабуна. Кинха бук1ара дица гьезие гьабураб г1азаб?.** Дица гьезие г1акъуба гьабураб мехалъ ц1акъ квешаб къо бук1унаха гьезда. Гьезул купруялда ва аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьариялда

рекъараб г1азаб гьабич1ищха Дица!

أَفَمَنْ هُوَ قَآئِمٌ عَلَىٰ كُلِّ نَفْسٍۭ بِمَا كَسَبَتْ ۗ
وَجَعَلُوا۟ لِلَّهِ شُرَكَآءَ قُلْ سَمُّوهُمْ ۚ أَمْ تُنَبِّـُٔونَهُۥ
بِمَا لَا يَعْلَمُ فِى ٱلْأَرْضِ أَم بِظَـٰهِرٍ مِّنَ ٱلْقَوْلِ ۗ
بَلْ زُيِّنَ لِلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مَكْرُهُمْ وَصُدُّوا۟ عَنِ
ٱلسَّبِيلِ ۗ وَمَن يُضْلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنْ هَادٍ ٣٣

**33. Жинда щибаб напсалъ гьабулеб г1амалги бихьулев, гьелъул тадбир гьабулев ва хъаравуллъи гьабулев, Т1адег1анав Аллагь релълъун вук1унищ,** щибго жоялда гьунар гьеч1ел, мушриказ жидерго квераз гьарурал аллагьзабазда?

**Гьез аллагьзаби гьарун руго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе т1адаб г1ибадаталъулъ гьел г1ахьал гьарун ширк гьабулеллъун. Дуца гьезда абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: нижеда гьел алагьзабазул гьунарал ва сипатал рицеха-абун. Яги мушрикаца Аллагьасда бицинехьинищ бугеб гьаб ракьалда т1ад Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лъаларел цогиги аллагьзаби руго абун. Яги нужерго ах1макълъиялъ щибго жоялда ургъич1ого гьел хъанчал аллагьзабилъун гьарунищ ругел нужеца?**

**Капурал г1адамазе гьаб ах1макъаб иш щайт1аналъ берцин бихьизе гьабун буго ва жинца гьел бит1араб нух бихьизего теч1ого гьелдаса нахъе ч1ван руго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб диналдаса ва бит1араб нухдаса къосинавурав чи т1овит1изе к1олев цоги щивго вук1унаро.**

لَّهُمْ عَذَابٌ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ وَلَعَذَابُ ٱلْـَٔاخِرَةِ
أَشَقُّ ۖ وَمَا لَهُم مِّنَ ٱللَّهِ مِن وَاقٍ ٣٤

**34. Гьал инкарчаг1азе ва мушриказе дунялалъул рукъобги г1азаб гьабизе буго:** гьел ч1ван, асир гьарун, гьезул мулк гъанимат (давла) гьабун. **Ва амма ахираталъул г1азаб ц1акъго зах1матаб бугоха. Гьеб г1азаб гьабизе Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьараб мехалъ гьелдасан гьел ц1унулев щивго чи вук1унаро.**

Гьезул хъанчалги, алагьзабиги гьездасанги цере жужах1алъуре ккола, цинги киналго цадахъ жидер чурхдуздалъун жужах1 боркьулеб алатлъун рук1уна.

۞ مَّثَلُ ٱلْجَنَّةِ ٱلَّتِى وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ ۖ تَجْرِى مِن
تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَـٰرُ ۖ أُكُلُهَا دَآئِمٌ وَظِلُّهَا ۚ
تِلْكَ عُقْبَى ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوا۟ ۖ وَّعُقْبَى
ٱلْكَـٰفِرِينَ ٱلنَّارُ ٣٥

**35. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъун гьесие г1ибадат гьабурал г1адамазе гьес къот1и гьабураб алжаналъул мисал жинда жаниса г1орал чвахулел ахазул мисал буго. Жиндир пихъал ва ниг1матал даимал ва жидер раг1адалги даимал. Гьаб буго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ**

**х1инкъарал г1адамазе бугеб лъик1аб ахират. Гьесде инкар ккурал г1адамазе бугеб ахират жужах1алъул ц1а буго.**

**36. Жидехъе т1ехь кьурал г1адамазул муъминзаби роххун руго мун авараг вук1иналдаса ва духъе рещт1инабураб Къуръаналдасаги.**

وَٱلَّذِينَ ءَاتَيۡنَٰهُمُ ٱلۡكِتَٰبَ يَفۡرَحُونَ بِمَآ
أُنزِلَ إِلَيۡكَۖ وَمِنَ ٱلۡأَحۡزَابِ مَن يُنكِرُ
بَعۡضَهُۥۚ قُلۡ إِنَّمَآ أُمِرۡتُ أَنۡ أَعۡبُدَ ٱللَّهَ وَلَآ
أُشۡرِكَ بِهِۦٓۚ إِلَيۡهِ أَدۡعُواْ وَإِلَيۡهِ مَـَٔابِ ٣٦

Инжил-Тавраталда сипатал рицараб х1алалъ мун вугелъул, гьезда лъалеб буго мун х1акъав авараг вук1ин ва дуда иман лъун гьел дуда нахърилълъунел руго. **Цогидал диназул къокъаби руго исламияб диналъул жидее бокьулареб жоялда жидеца инкар кколел. Дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ: х1акълъунго дида амру гьабун буго дица цох1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабе абун ва щибго жо гьеб лагълъи гьабиялъулъ г1ахьалги гьабуге абун. Дица нужги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялде ва гьесие г1ибадат гьабиялде ах1улел руго ва ахираб руссинги гьесде буго.**

**37. Цересел умматазде т1ахьал рещт1инарурал г1адин, дица гьаб Къуръанги рещт1ине гьабуна г1араб мац1алда. Дуца г1араб мац1 лъалел г1адамазда гьоркьоб гьелдалъун х1укму гьабизе.**

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلۡنَٰهُ حُكۡمًا عَرَبِيّٗاۚ وَلَئِنِ ٱتَّبَعۡتَ
أَهۡوَآءَهُم بَعۡدَمَا جَآءَكَ مِنَ ٱلۡعِلۡمِ مَا لَكَ مِنَ ٱللَّهِ
مِن وَلِيّٖ وَلَا وَاقٖ ٣٧

Мун г1арабияв вугелъул ва дуда сверухъ ругел г1адамалги г1арабиял ругелъул.

Г1араб мац1 лъаларел г1адамазда гьаб Къуръан лъазабула г1араб мац1 лъалев чияс гьел г1адамазда гьезул мац1алъ бицун, яги хъван. Кинабниги г1аламалда г1араб мац1 лъазабеян амру гьаби зах1матаб бук1уна, г1араб мац1 лъалел г1адамаз гьеб лъаларезда Къуръан-х1адис, гьединго шариг1ат малъи гьабизе рес бугеб, жиндилъ зах1малъи гьеч1еб жо буго.

**Гьаб Къуръан рещт1инабун, х1акъаб жо дуда лъан хадуб мун гьел мушриказе бокьараб жоялда нахъвилълъани, мун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъиналдаса ва гьесул г1азабалдаса ц1унизе к1олев цониги вали вук1ине гьеч1о** (гьудул-гьалмагъ, квербакъулев чи вук1ине гьеч1о). Гьаб хит1аб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьабун буго, амма гьеб хит1абалдалъун мурад гьесул уммат буго. Т1адег1анав Аллагьасда лъала жиндир авараг х1акъаб нухдаса гьет1улареблъи.

Гьаб аяталъ х1инкъи кьолеб буго Къуръан-х1адис жидеда лъалел, гьеб

бич1ч1улел г1адамазе: жидеда х1акъаб жо лъан хадуб г1адамаздаса х1инкъун, гьезие берцин вихьизе г1оло жинца х1акъаб дин бахчарав ва шарг1алда хилапаб жо гьабурав чи Аллагьасул ﷻ ццим бахъиялдаса ц1унулев чи вук1унаро абун.

وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا رُسُلٗا مِّن قَبۡلِكَ وَجَعَلۡنَا لَهُمۡ أَزۡوَٰجٗا وَذُرِّيَّةٗۚ وَمَا كَانَ لِرَسُولٍ أَن يَأۡتِيَ بِـَٔايَةٍ إِلَّا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۗ لِكُلِّ أَجَلٖ كِتَابٞ ٣٨

**38. Х1акълъунго Дица дуда цереги аварагзаби عليهم السلام рит1ана, Мух1аммад ﷺ, ва гьел киназулго руччабиги рук1ана, лъимал-хъизанги бук1ана.**
Гьаб раг1и буго мушрикаца
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда г1айиб ч1вараб мехалъ рещт1инабураб.
Мушриказ абуна: «Гьев Мух1аммад х1акъав авараг вук1аравани, гьев руччаби рачунев вук1инароан, жиндирго диналъул ургъалида вук1инаан. Дунялалъул т1алаб гьабич1ого, руччаби рачинч1ого, лъимал гьарич1ого вук1инаан»-абун. Гьеб раг1и нахъч1ван Аллагьас ﷻ абулеб буго Мух1аммадги г1адан вугелъул, цогидал г1адамазда релълъарав, ццересел аварагзабиги عليهم السلام гьединалго г1адамал рук1ана. Авараг вуго абун гьев чи дунялалъул г1адат билълъараб жо гьабич1ого ворч1уларо: квенги кваналев, базаралдеги вахъунев, руччабиги рачунев вук1уна аварагги»-абун.
**Цониги аварагасе ихтияр ва гьунар бук1унаро жинца муг1жизат бихьизе гьабизе, Аллагьас ﷻ изну кьун гурони. Щибаб ишалъе Аллагьас ﷻ бихьизабураб заман ва къадар буго.** Гьелда рекъон хьвадула дунялалъул умурал. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал г1адамазе бокьухъин хьвадуларо.

يَمۡحُواْ ٱللَّهُ مَا يَشَآءُ وَيُثۡبِتُۖ وَعِندَهُۥٓ أُمُّ ٱلۡكِتَٰبِ ٣٩

**39. Т1адег1анав Аллагьас жиндие бокьараб х1укму хвезе гьабула ва жиндие бокьараб х1укму ч1езе гьабула (бук1ухъин тола). Кинабго жоялъул х1укму-къадар хъвараб т1ехьги Аллагьасда ﷻ аск1об буго.**
Гьебги Лавх1ул-мах1фуз абун жинда ц1ар бугеб, гьаб дунял бижилелде ццебе Аллагьас ﷻ бижараб ва кинабго жо жинда т1ад хъван бугеб т1ехь буго.
Гьаб аяталъул маг1на гьабулаго г1алимзабазул г1емераб хилап буго ва бах1сги буго. Нилъеда т1адаб жо буго Аллагьас ﷻ абухъин гьаб аятги ц1алун гьалъул х1акъикъияб маг1на Аллагьасда ﷻ лъалин абун хабар халат гьабич1ого тей.
Г1алимзабаца абуна: Аллагьас ﷻ цо шарг1ал хисун, гьел хвезе

гьарун, цоги шарг1 босун аварагзабиعَلَيْهِمُ السَّلَامُ рит1ула абун. Цоги абуна: Мунагьал гьарурал г1адамазул мунагьал чурула тавбу гьабураб мехалъ, капурзабазул куфруги т1аса инабула гьез иман лъураб мехалъ. Цинги гьезул квешал г1амалал хъван рук1араб бак1алда, гьез гьарурал лъик1ал г1амалал хъвала абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо хисизе гьабула ва гьеб насхо гьабун т1аса инабула: инсанасул вижулеб заман, холеб заман, бахьибуголъи, бахьигьеч1олъи хут1изег1ан, гьаб ункъабго жо хъван т1убараб буго» - абун.

Цоги г1алимзабаца абуна хисизаби ва бук1ухъен тей кинабго жоялда г1аммаб буго, гьоркьоса бахъараб щибго жо гьеч1оян абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас Каг1ба рукъалда т1авап гьабулеб мехалъ гьев г1одулев вук1ана ва гьес абулеб бук1ана: «Я дир Аллагь! Дуца дие бахьигьеч1олъи, яги цоги мунагь хъван батани, дуца гьеб хвезабе. Дуца дуе бокьараб жо хвезабула ва дуе бокьараб жо ч1ч1езабула, дуда аск1об буго Лавх1улмах1фуз. Дуца дие бахьигьеч1олъи ва мунагь бахьибуголъилъун ва мунагьал чурилъун хъвай» - абун.

Гьаб раг1и Ибнумасг1удицаги бит1араблъун рик1к1ана, жинда Аллагь разилъаяв. Хадусел г1алимзабазулги г1емерал г1алимзаби руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ щибго жо гьоркьоса бахъич1ого жиндие бокьараб жо хвезабула, бокьараб жо ч1ч1езабула абулел.

Цо х1адисалда буго: *«Садакъаялъ ва эбел-инсуе лъик1лъи гьабиялъ г1умру халат гьабула»* - абун.

Цоги буго: *«Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ризкъиялъул ва г1умруялъул жиндие бокьараб жо нукъсан гьабула, жиндие бокьараб жо ц1ик1к1инабула»* - абун.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дуг1а гьабулеб мехалъ абуна: *«Дуца дун ц1уне, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, квешаб х1укмуялдаса»* - абун. Кинабг1аги квешлъи лъик1лъилъун лъоларо, гьеб квешлъи т1аса инабун, гьелъул бак1алда лъик1лъи хъван гурони. Т1адег1анав Аллагьас нилъеда амру гьабулеб буго: «Нужеца дидасан гьаре, дица нужее жаваб кьезе буго» - абун. (Ибну Хат1иб).

وَإِن مَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ ٱلَّذِى نَعِدُهُمْ أَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِنَّمَا عَلَيْكَ ٱلْبَلَٰغُ وَعَلَيْنَا ٱلْحِسَابُ ٤٠

**40. Мушриказе къот1и гьабураб г1азабалъул цо бут1а гьезде щвезабун дуда бихьизабуниги, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, яги гьеб бихьилелде цеве мун хвезе гьавуниги,- Х1акълъунго дуда т1ад бугеб жо гьезухъе Къуръанги исламияб динги щвезаби буго. Дида т1ад буго гьезие**

**х1исаб гьаби ва жазаъ гьаби.**

Дуца иман лъеялде ах1араб мехалъ гьез иман лъеч1о абун дуда г1айиб гьеч1о. Дуда т1адаб жо гьел иманалде ах1и гурони гьеч1о.

أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّا نَأْتِى ٱلْأَرْضَ نَنقُصُهَا مِنْ أَطْرَافِهَا ۚ وَٱللَّهُ يَحْكُمُ لَا مُعَقِّبَ لِحُكْمِهِۦ ۚ وَهُوَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٤١﴾

**41. Гьел капурзабазда бихьулеб гьеч1ищ дица гьезул ракьазда сверухъ лъугьун гьел нукъсан гьарулел ругеблъи. Жинца х1укму гьабулев чи цох1о Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго, гьесул х1укму хвезабизе к1олев щивго гьеч1о. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца х1исаб-мизан ц1акъ хех гьабулев.**

Гьаб аяталъул маг1на гьабун Сабунияс абуна: мушриказда бихьулеб гьеч1ищ дица муъминзабазе квербакъи гьабун дагь-дагь ккун гьезда кодоса ракьалги росабиги рахъулел ругеблъи ва исламияб ракь ц1ик1к1унеб бук1ин, куфруялъул ракь дагьлъулеб бук1инги. Гьаб буго бищун гучаб далил Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир расуласе гьабураб къот1и т1убазабулеб бук1иналда - абун.

Сайид Къут1буца абуна: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гучаб квер т1ад бач1уна бечедал, Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ г1асиял г1адамазде, гьез ниг1матазде щукру гьабич1еб мехалъ, гьезул рек1елъ кутакаб ч1ух1и-реццги ккараб мехалъ ва жинца гьезул бечелъи дагь-дагькккун нахъе босула, гьезул ракьалги къварид гьарула ва гьел цо къваридаб ракьалъул бок1оналде к1анц1изарула-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: ракь нукъсанлъи ва гьеб ч1унти буго г1алимзаби ва лъик1ал г1адамал хвей ва гьел т1аса ин-абун. Гьаб тафсир гьабиялъе сабаб буго г1араб мац1алда «أَطْرَافْ» абураб раг1и цо жоялъул раг1аллъаби маг1наялда бугеб бук1ин, гьединго лъик1ал-т1ок1ал чаг1и абураб маг1наялдаги бук1ин.

وَقَدْ مَكَرَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَلِلَّهِ ٱلْمَكْرُ جَمِيعًا ۖ يَعْلَمُ مَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ ۗ وَسَيَعْلَمُ ٱلْكُفَّٰرُ لِمَنْ عُقْبَى ٱلدَّارِ ﴿٤٢﴾

**42. Гьал Маккаялъул мушриказ дуе макру гьабулеб бугеб г1адин, гьезда цере рук1арал инкарчаг1ацаги аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ макру гьабуна. Амма щиб макру гьабуниги гьезда к1оларо дуе зарал гьабизе.**

**Т1адег1анав Аллагьасул ихтиyaralда руго киналго макруялъул сабабал.** Гьезда рак1алдаго гьеч1ого Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезда цо г1азаб рещт1инабила. **Щибаб напсалъ гьабулеб г1амал лъалев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ. Гьал капурал г1адамазда нахъа лъазе буго х1акъаб жоялда щал ругеб ва лъик1аб ахиратги лъие бугеб.** Даимаб г1азабалъул

рукълъун бугеб жужахlалде ккараб мехалъ лъазе буго гьезда гьаб дунялалда жидее лъазе бокьичlеб жо.

وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَسْتَ مُرْسَلًا ۚ قُلْ كَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًۢا بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ وَمَنْ عِندَهُۥ عِلْمُ ٱلْكِتَٰبِ ﴿٤٣﴾

**43. Капурзабаца абулеб буго, Мухlаммад мун расул гьечlо абун. Дуца гьезда абе: «Тlадегlанав Аллагь гlезе вуго нугlлъун дидаги нужедаги гьоркьоб бугеб жоялъе.** Гьес буго дида Къуръан рещтlинабун ва гьес кьун руго дие иман лъезе бокьарав чиясе гlибрат босизе гlурал мугlжизатал. **Гьединго дие нугlлъи гьабулеб буго жидехъе тlахьал рещтlинарурал умматазул гlалимзабацаги.** Къуръаналъул магlна жидеда бичlчlарал, гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букlиналда ракl чlчlарал муъминзабацаги»-абун.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату-Ррагlдалъул тафсир
ва таржама хъван тlубана.
Кинабго рецц ва щукру Тlадегlанав Аллагьасе буго.

# 14. Сурату Ибрагьим

سُورَةُ إِبْرَاهِيمَ

*Маккаялда рештlинабураб, жинда жаниб кlикъоялда анцlила кlиго аят бугеб.*

*Сураталъ кlвар буссине гьабулеб буго Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьави, гьесда иман лъей бициналда. Аварагзаби ритlиялда ва гьезул рисалат баян гьабиялдаги ишара гьабулеб буго. Гьеб рахъалъан бищун цlикlкlараб баян жинда жаниб бугеб сурат бугилан абизе бегьила гьаб. Киналниги аварагзаби цохlо рисалат босун рачlарал рукlин бицунеб буго гьаб сураталъ. Гьаб рисалатги Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьавиялда, кинабго гlибадат гьесие гьабиялде ахlулеб буго. Гьеб ахlиялдалъун хириял аварагзабаца жагьлуялъул бецlлъукь бугеб халкъ иманалъул нуралда бахъинабулеб буго.*

*Гьаб сураталда жанибги Муса аварагасул* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *къиса бицунеб буго ва Нухlил, Гlадил, Самудиязул къавмазе жидеца иман лъеялда инкар гьабураб мехалъ ккараб жоялъул мисалги бачунеб буго. Ахираталде щведалги жидеца гlадамал къосине гьарулеллъун рукlарал бахьикъосарал гlадамазулги, гьезда нахърилълъун рукlарал пакъирзабазулги цоцадехун букlунеб дагlба-къецалъул биценги гьабун буго. Иман лъеялъеги куфруялъеги мисал бачун пихъил гъветlалъул ва зазил гъветlалъул бицен гьабун буго.*

*Гьаб сураталда цlар лъун буго Сурату Ибрагьим абун, гьев исламияб диналъул бищун ццевесев ва хирияв аварагвукlун. Гьес байбихьана хъанчал рекизе ва Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьавиялде ахlизе. Нилъер диналда жанир гьев Ибрагьимил* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *диналдаса росарал хlукмабиги руго. Кагlба рукъ бан хадуб Ибрагьим аварагас* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *гьабураб дугlаги бицун буго гьаб сураталда жаниб, гьеб дугlаги Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьавиялда, гьесде иман лъеялда хурхараб буго.*

***Жив гурхlулев, гурхlел гlамав Аллагьасул цlаралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Алиф, Лам, Ра.**
Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъала гьал хlуруфаздалъун бугеб мурад.
**Гьаб хирияб Къуръан дица дуде рещтlинабураб тlехь буго, Мухlаммад**

الٓر كِتَٰبٌ أَنزَلْنَٰهُ إِلَيْكَ لِتُخْرِجَ ٱلنَّاسَ
مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ بِإِذْنِ رَبِّهِمْ إِلَىٰ
صِرَٰطِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَمِيدِ ١

ﷺ: **Дуца г1адамал къват1ире рахъизе купруялъул ва жагьлуялъул бец1лъиялдаса иманалъул, г1елмуялъул ва Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лъаялъул нуралда, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялдалъун ва изнуялдалъун. Дуца гьел бит1араб нухда ва исламияб диналда т1орит1изе. Жиндир гуч бергьарав ва жив вецарав Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нухда,** жиндаса щивго бергьунарев, жиндие рецц гьаби кинабго махлукъаталда т1адав, гьеб рецц гьабиялъе агьлулъунги вугев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухалда.

ٱللَّهِ ٱلَّذِي لَهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِۗ وَوَيْلٌ لِّلْكَٰفِرِينَ مِنْ عَذَابٍ شَدِيدٍ ۝٢

**2. Зобал-ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги жиндир мулклъун бугев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго гьев. Гьесде инкар ккурал ва гьесда иман лъезе ч1ух1арал капурзабазе ц1акъ квешаб г1азаб бук1ине буго жиб сабаблъун гьез вайлун (вай дида бугеб зах1малъи) абун ах1улеб.**

ٱلَّذِينَ يَسْتَحِبُّونَ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا عَلَى ٱلْءَاخِرَةِ وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَيَبْغُونَهَا عِوَجًاۚ أُوْلَٰٓئِكَ فِي ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ۝٣

**3. Гьаб г1азаб х1акълъулел капурзаби руго жидеца абадияб ахираталдаса т1аса унеб дунялалъул ч1аголъи т1аса бищун бук1арал. Ва Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **х1акъаб дин гьабизе бокьарал г1адамал жидеца нахъги ч1валел рук1арал. Жидее бокьун бук1арал напсазе бокьараб жо гьабизе ихтияр кьолеб, гьет1араб дин бук1ине. Гьал г1адамал руго х1акъаб жоялдаса ц1акъ рик1к1ад ругел, гьел бит1араб диналде рач1иналде хьулги гьеч1ел.**

وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا بِلِسَانِ قَوْمِهِۦ لِيُبَيِّنَ لَهُمْۖ فَيُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِي مَن يَشَآءُۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝٤

**4. Дица** ццересел къавмаздеги **цониги авараг вит1ич1о, гьав расул вит1араб къавмалъул мац1 бицунев гурони. Жинца гьезда дир рисалат баян гьабизе ва дир динги бич1ч1изабизе.**
Расул вит1иялдаса мурад, къавмалда рисалат баян гьаби бугелъул, гьев расул вук1ине ккола жив вит1араб къавмалда жинца бицунеб мац1 лъалев. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир азалияб г1елмуялъулъго къосаравлъун вугев чи къосунги тола ва т1овит1аравлъун вугев чи х1акъаб диналдаги т1овит1ула. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир мулкалъулъ къуват-гуч бергьарав вуго ва жинца гьабулеб х1укмуялъулъ**

**г1адилав ва х1акимияв вуго.**

وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَآ أَنۡ أَخۡرِجۡ
قَوۡمَكَ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ
وَذَكِّرۡهُم بِأَيَّىٰمِ ٱللَّهِۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ
لَأٓيَٰتٖ لِّكُلِّ صَبَّارٖ شَكُورٖ ٥

**5. Х1акълъунго дица Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вит1ана дир баянал х1ужабаздалъун ва мух1канал муг1жизатаздалъун дуца дур къавм бахъинабеян абун куфру-ширкалъул бец1лъиялдаса иманалъул ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъаялъул нуралде. Ва дуца гьезие ваг1заги гьабеян Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее кьурал ниг1матал рицун. Х1акълъунго Аллагьасул ниг1матал рак1алде щвеялъулъ ва гьезул пикру гьабиялъулъ далил бук1уна Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъаялъе ва гьесие г1ибадат гьабиялъе, гьесул ниг1матазе щукру гьабулел, балагьазде сабруги гьабулел г1адамазе.**

وَإِذۡ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوۡمِهِ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَةَ
ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ إِذۡ أَنجَىٰكُم مِّنۡ ءَالِ
فِرۡعَوۡنَ يَسُومُونَكُمۡ سُوٓءَ ٱلۡعَذَابِ
وَيُذَبِّحُونَ أَبۡنَآءَكُمۡ وَيَسۡتَحۡيُونَ
نِسَآءَكُمۡۚ وَفِي ذَٰلِكُم بَلَآءٞ مِّن
رَّبِّكُمۡ عَظِيمٞ ٦

**6. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалда абураб г1уж рехсе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, пирг1авнил къавмалдаса нужги хвасар гьарун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьабураб к1удияб ниг1мат рак1алде щвезабеян абун. нужеда ц1акъ квешаб г1азаб ч1амизабулел рук1арал гьев пирг1авнги гьесул къавмги, нужер киналго васалги хъолел рук1арал, жидее лагъзаллъун рук1ине нужер ясалги ч1аго толел рук1арал. Гьеб ишалъульги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугеб х1албихьи бук1ана нужее къварилъиги гьабун гьабулеб:** нужеца иман лъеладай абун, гьеб г1азаб т1аса босараб мехалъ нужеца щукруги гьабуладай абун.

Бануисраилазул васал хъвеялъе г1иллаги бук1ана къибт1иязул (пирг1авнил къавмалъул ц1ар буго къибт1иял) палихъабаца (гадальщики) гьесда абун бук1ана бануисраилазул лъимер бук1ине бугин дудаса ханлъи т1аса иналъе сабаб абун. Гьеб сабаблъун пирг1авница амру гьабун, гьезул гьабунщинаб бихьинаб лъимер хъолеб бук1ана.

وَإِذۡ تَأَذَّنَ رَبُّكُمۡ لَئِن شَكَرۡتُمۡ
لَأَزِيدَنَّكُمۡۖ وَلَئِن كَفَرۡتُمۡ إِنَّ عَذَابِي
لَشَدِيدٞ ٧

**7. Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда лъазабураб г1ужги рак1алде щвезе гьабе: Я бануисраилал, нужеца дир ниг1матазе щукру гьабуни, дица гьел ниг1матал жегиги г1емер кьела абун. Ва**

**амма нужеца дир ниг1матазде инкар ккуни,** нужеда гьел к1очани ва гьезде данде щукруги гьабич1они, **Х1акълъунго Дица нужее гьабулеб г1азаб ц1акъ къвак1араб бук1ине буго»-абун.**

وَقَالَ مُوسَىٰٓ إِن تَكۡفُرُوٓاْ أَنتُمۡ وَمَن فِي ٱلۡأَرۡضِ جَمِيعٗا فَإِنَّ ٱللَّهَ لَغَنِيٌّ حَمِيدٌ ٨

**8.** Бануисраилаз иман лъеялдаса хьул къот1араб мехалъ, **Мусаца** ﷺ **гьезда абуна: «Нужеца ва ракьалда т1ад бугеб кинабго халкъалъги Аллагьасда** ﷻ **инкар ккуниги, гьелдалъун нужеца гьесие щибго зарал гьабуларо.** Гьелъул зарал нужеего буго. **Х1акълъунго Аллагь** ﷻ **жив бечедав ва веццарав, щибго жоялде х1ажатав гьеч1ев вуго.**

أَلَمۡ يَأۡتِكُمۡ نَبَؤُاْ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِكُمۡ قَوۡمِ نُوحٖ وَعَادٖ وَثَمُودَ وَٱلَّذِينَ مِنۢ بَعۡدِهِمۡ لَا يَعۡلَمُهُمۡ إِلَّا ٱللَّهُۚ جَآءَتۡهُمۡ رُسُلُهُم بِٱلۡبَيِّنَٰتِ فَرَدُّوٓاْ أَيۡدِيَهُمۡ فِيٓ أَفۡوَٰهِهِمۡ وَقَالُوٓاْ إِنَّا كَفَرۡنَا بِمَآ أُرۡسِلۡتُم بِهِۦ وَإِنَّا لَفِي شَكّٖ مِّمَّا تَدۡعُونَنَآ إِلَيۡهِ مُرِيبٖ ٩

**9. Нужехъе хабар бач1инч1ищ ва нужеда раг1инч1ищ нужеда цере рук1арал Нух1ил, Г1а́дил ва Самудил къавмазул къисса.** Аллагьасде ﷻ г1асилъараб мехалъ гьезие гьабураб г1азаб лъалагурищ нужеда?. **Гьезда хадур рук1арал цогиги къавмалги гьалаг гьаруна Аллагьас** ﷻ**, жидер рик1к1ен гьесда гурони лъаларел. Гьезухъе Аллагьасул** ﷻ **аварагзаби рач1ана баянал х1ужабиги росун,** муг1жизаталги рихьизаруна. **Гьел къавмазул инкарчаг1аца аварагзабазда ццим бахъун жидерго кверал х1анч1ана ва гьел гьереси гьарун жидер к1алал рахчана:** гьезда т1ад рельанхъана, г1емер рельанхъиялъ жидерго к1алал кверальъ рахчулел рук1ана. **Цинги гьез абуна: Х1акълъунго нижеца инкар кколеб буго нуж жиндалъун рит1араб Аллагь** ﷻ **цо гьавулеб диналда. Ва нижги ц1акъ щаклъулел руго нужеца жинде ах1улеб дин х1акъаб бук1иналда» - абун.**

۞ قَالَتۡ رُسُلُهُمۡ أَفِي ٱللَّهِ شَكّٞ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ يَدۡعُوكُمۡ لِيَغۡفِرَ لَكُم مِّن ذُنُوبِكُمۡ وَيُؤَخِّرَكُمۡ إِلَىٰٓ أَجَلٖ مُّسَمّٗىۚ قَالُوٓاْ إِنۡ أَنتُمۡ إِلَّا بَشَرٞ مِّثۡلُنَا تُرِيدُونَ أَن تَصُدُّونَا عَمَّا كَانَ يَعۡبُدُ ءَابَآؤُنَا فَأۡتُونَا بِسُلۡطَٰنٖ مُّبِينٖ ١٠

**10. Жидер умматазул капурал г1адамазда аварагзабаца абуна:** гьез иман лъезе инкар ккураб мехалъ ва ниж щаклъулел ругин нужеца бицунеб жоялдаян абураб мехалъ: **«Нуж щаклъулелищха ругел гьал зобалги ракьалги жинца рижарав Аллагь** ﷻ **вук1иналда, нуж иман лъеялда ах1улев ва гьелда данде нужер**

**ццебехун араб г1умруялъулъ ккарал мунагьал чурулев ва нуж, г1азаб гьабич1огоги толев, нужер г1умру т1убазег1ан иман лъун ругони»-абун.**

**Капурал г1адамаца абуна: «Нуж руго нижго г1адал г1адамал. Нужее бокьун буго нижер умумуз гьабулеб бук1араб диналдаса ниж руссинаризе. Ниж божуларо нуж аварагзаби рук1иналда. Нуж аварагзаби рук1иналда т1орит1ел гьабулеб баянаб х1ужа-далилгун рач1а нуж» - абун.**

قَالَتْ لَهُمْ رُسُلُهُمْ إِن نَّحْنُ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَمُنُّ عَلَىٰ مَن يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦ ۖ وَمَا كَانَ لَنَآ أَن نَّأْتِيَكُم بِسُلْطَٰنٍ إِلَّا بِإِذْنِ ٱللَّهِ ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُؤْمِنُونَ ﴿١١﴾

11. **Аварагзабаз абуна:** бит1араб буго нужеца абулеб раг1и. **Нижги нужедаго релълъарал г1адамал руго. Кинниги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1об-рах1мат гьабула жиндие бокьарал г1адамазда гьезие авараглъи кьун.** Ва гьел жиндир диналде халкъ ах1изе расулаллъун гьарун. **Нижее рес бук1унаро нужее х1ужа-далил бачине Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **изну кьун, гьес нижеда лъазабураб жо гурони. Т1адег1анав Аллагьасда тавакал т1амун рук1а абе жидеца иман лъурал г1адамал»-абун.**

وَمَا لَنَآ أَلَّا نَتَوَكَّلَ عَلَى ٱللَّهِ وَقَدْ هَدَىٰنَا سُبُلَنَا ۚ وَلَنَصْبِرَنَّ عَلَىٰ مَآ ءَاذَيْتُمُونَا ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُتَوَكِّلُونَ ﴿١٢﴾

**12. Гьев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **тавакал т1амич1ого кинха ниж рук1инел, жинца ниж х1акъаб диналде т1орит1арав. Нижеца ц1акъ сабруги гьабила нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналде ах1улаго нужеца гьабулеб къварилъиялда. Х1акълъунго цох1о Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **т1аме абе тавакал, жидеца тавакал т1амулел г1адамаз.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لِرُسُلِهِمْ لَنُخْرِجَنَّكُم مِّنْ أَرْضِنَآ أَوْ لَتَعُودُنَّ فِى مِلَّتِنَا ۖ فَأَوْحَىٰٓ إِلَيْهِمْ رَبُّهُمْ لَنُهْلِكَنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٣﴾

**13. Цинги капурал г1адамаз аварагзабаде абуна: «Нижеца нуж нижеда гьоркьоса нахъе къот1ила, яги нуж гьаб нижеца гьабулеб диналде русса» - абун. Т1адег1анав Аллагьас жиндир аварагзабазда вах1ю гьабуна дица гьеб зулму гьабулеб къавм гьалаг гьабун ракьалдаса т1аг1инабила абун.**

وَلَنُسْكِنَنَّكُمُ ٱلْأَرْضَ مِنۢ بَعْدِهِمْ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ خَافَ مَقَامِى وَخَافَ وَعِيدِ ﴿١٤﴾

**14. Ва гьел гьалаг гьарун хадуб, Х1акълъунго Дица нуж тела гьезухъ бук1араб ракьалда маг1ишат гьабун. Гьаб буго дица гьабулеб лъик1аб жазаъ дида ццере х1исаб-мизан гьабизе ч1ч1езе рук1ин лъан**

**мунагьал гьаризе х1инкъарал ва ахираталда г1азаб бук1ине буго абураб дир къот1иялда божун, гьеб г1азабалдасаги х1инкъарал муъминзабазе.**

**15. Аварагзабаца** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **квербакъи т1алаб гьабуна.** وَٱسْتَفْتَحُوا۟ وَخَابَ كُلُّ جَبَّارٍ عَنِيدٍ ﴿١٥﴾

Капураб къавмалъ къварилъи гьабураб мехалъ ва гьел жидеда мут1иг1лъиялдаса хьул къот1араб мехалъ. **Цинги кинавго ч1ух1арав, Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурав,** аварагзабазда х1алхъублъи гьабурав чи гьалаглъана **ва жидер мурадазде щвеч1ого ч1ового хут1ана.**

**16. Гьаб дунялалда жидеда щвараб г1азабалда хадубги гьезие ахираталда жужах1алъул г1азаб бук1ине буго ва гьезда хьверд-рец1алъул лъимги гьекъезабизе буго.** مِّن وَرَآئِهِۦ جَهَنَّمُ وَيُسْقَىٰ مِن مَّآءٍ صَدِيدٍ ﴿١٦﴾

**17. Жинца гьеб мах1 квешаб, рак1 къалеб чороклъи гьекъезе абун лъугьуна капурчи:** къечалъ гьалаг гьавун, ц1адул бух1и бергьун, **амма жинда гьеб къулч1изе к1оларо гьелъул къабих1лъиялъ ва мах1циналъ. Гьесда сверун лъугьун хвелги бук1уна киналго рахъаздаса, амма гьевги холаро:** жиндие г1азаб гьабулевлъун даимлъула, хвеялъе сабабал ругониги хун х1алхьезе толаро. **Гьеб жинца ч1амулеб г1азбалда хадубги гьесие жегиги квешаб ва къвак1араб г1азаб бук1уна.** يَتَجَرَّعُهُۥ وَلَا يَكَادُ يُسِيغُهُۥ وَيَأْتِيهِ ٱلْمَوْتُ مِن كُلِّ مَكَانٍ وَمَا هُوَ بِمَيِّتٍ ۖ وَمِن وَرَآئِهِۦ عَذَابٌ غَلِيظٌ ﴿١٧﴾

**18.** Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун, ахираталде иман лъеч1ого, дунялалъул ч1аголъи т1аса бищун хьвадарал **капурзабазул мисал буго: гьез гьабураб лъик1аб г1амал,** садакъа бугониги, напакъа бугониги ва цоги щиб г1амал бугониги, **кутакаб гьури пулеб къоялъ гьороца босун унеб рахъу г1адаб жо буго.** Гьеб жидер г1амалалдаса ахираталда щибго мунпаг1ат бук1унаро. Гьез иман лъун гьеч1елъул ва гьеб г1амалги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъиялъе г1оло гьабун гьеч1елъул. Гьороца унеб рахъу данде гьабизе ва ккезе к1олареб г1адин, **жиндир г1амалалъул щибго жо гьесда кодобе щоларо ахираталда х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ. Гьеб буго инсанасул Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рах1маталдаса рик1к1алъи, унго-** مَّثَلُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِرَبِّهِمْ ۖ أَعْمَٰلُهُمْ كَرَمَادٍ ٱشْتَدَّتْ بِهِ ٱلرِّيحُ فِى يَوْمٍ عَاصِفٍ ۖ لَّا يَقْدِرُونَ مِمَّا كَسَبُوا۟ عَلَىٰ شَىْءٍ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلضَّلَٰلُ ٱلْبَعِيدُ ﴿١٨﴾

**унгояб къосин ва ч1ового хут1и.**

**19. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, Т1адег1анав Аллагь вук1ин жинца зобалги ракьалги рижарав, х1акъаб жо гьабулевлъун вук1ун.**

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّ إِن يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيدٍ ﴿١٩﴾

Дуца пикру гьабуларищ гьаб кинабго махлукъат Аллагьас ﷻ г1ададаго бижун гьеч1ин, гьелда жаниб цо х1икмат бук1ине кколин абун.

Гьаб кинабго махлукъатги бижун, гьелдаса зобал-ракьалги инсанасе квегьун, Аллагьас ﷻ гьев вижун вуго жиндие г1ибадат гьабизе абун. Гьеб г1ибадат гьабиги гьеч1о щибго жинда жаниб захlмалъи, къварилъи бугеб жо. Цониги гьабизе к1олареб жо гьеч1о Аллагьасул ﷻ парзлъун бугеб ва аварагасул суннатлъун бугеб жоялда жаниб. Ц1акъ бигьаяб, щибго инсанасе зах1малъи гьеч1еб жо буго «Лаиллагьа иллаллагь, Мух1аммад расулуллагь» абураб раг1и к1алалъ аби ва гьеб раг1иялъул маг1на рак1алда жаниб мух1канлъун парахатлъун бук1ин, кинабг1аги щаклъи ва вас-вас гьелда сверухъ лъугьунгут1и.

Гьеб раг1иялъул маг1на буго: жиндие лагълъи гьабизе бегьулев, лагълъи гьабизе т1адав, цоги чи гьеч1о ва цоги щибго жоги гьеч1о цох1о Аллагь ﷻ гурев. Гьесие лагълъи гьабулеб куц-рахъ баян гьабизе, гьеб малъизе Аллагьас ﷻ халкъалде вит1арав расул ва чапар ва божарав чи вуго Мух1аммад ﷺ. Гьав расулас малъараб х1алалъ дунялалда балеб дагьабго заманаялъ хьвадарав чиясе Алагьас ахираталда абадияб лъик1лъи ва т1ок1лъи х1адурун буго: ниг1матазул рукълъун бугеб алжан буго гьебги. Гьев расулас малъулеб жоги гьаб дунялалъул рукъобго инсанасе лъик1лъи бугеб жо буго.

Шарг1алда жанибги инсанасе х1алал гьабураб кинабго жо гьесие мунпаг1ат бугеб буго, х1арам гьабураб жо гьесие зарал бугеб буго. Аллагьас ﷻ парз гьабун т1ад лъураб жоги жиндир х1икмат хал гьабураб мехалъ инсанасе маслих1ат бугеб, гьесие щибго къварилъи ва зарал гьеч1еб жо буго. Къокъго абуни Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабе абураб раг1иялъул маг1на буго дунялалдаги ахираталдаги жиндирго напсалъе мунпаг1ат бугеб г1амал гьабе инсанас абураб. Т1адег1анав Аллагь х1ажатав гьеч1о нилъеца гьабулеб щибго жоялда. Щиб г1амал гьабуниги гьелъул жазаъ нилъеего буго.

Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабиялъул маг1на буго гьев Аллагь ﷻ мун вижарав, мун хьихьулев, мун хвезавулев ва ахир т1аде вахъинавулев, дур напсалъул кинабго тадбир жинда кодоб бугев Бет1ергьан вук1ин лъай. Гьаб жо лъан хадуб гьабулеб кинабго г1амал Аллагьасул ﷻ

расулас ﷺ малъухъин гьаби. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIичIого гIадамал тун рукIаралани нужеего лъикI букIунеб жо гьабеян абун, гьезда лъазе букIинчIо жидее хIакъикъаталдаги лъикI букIунеб жо. Цоясе лъикIаблъун бихьараб жо цогидасда квешаблъун бихьизе букIана.

Гьеб иш гьедин букIиналъе загьираб ва баянаб мисал буго дунялалда тIад чан хан вугониги щивав ханасул къанун батIи-батIияб букIин. Щибаб халкъалъул гIадатал ва гьез лъикIаллъун ва къабихIаллъун рикIкIулел жалги батIи-батIиял рукIин. Гьаб ишкал тIаса инабун тIадегIанав Аллагьас аварагзаби ритIун щибаб заманаялъ щибаб къавмалда гьезие маслахIатаб жо лъазабун буго.

Кинабго халкъалда авараглъун жив витIарав, жинда хадув цоги авараг гьечIев Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вуго нилъер имам ва далил. Гьесде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рещтIинабураб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хирияб калам буго гьаб Къуръанги. Къуръан аслулъунги гьабун, гьелдаги тIад Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда вахIю гьабураб жоги данде къан гIуцIцIараб шаргI буго хирияв аварагас ﷺ нилъее тараб нухги: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ парзги аварагасул ﷺ суннатги.

ГьадигIан бигьаяб, нилъеего дунял-ахираталъул бахьибуголъи щолеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухдаса хьвадичIони букIунеб жо бицун гьес абулеб буго:

**Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани нужги гьаб ракьалдаса нахъе рачун нужер бакIалда цIияб халкъ бижила Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ»-абун.** жидеца иман лъураб, Аллагь-авараг лъалеб, исламияб дин гьабулеб халкъ бижила БетIергьанас ва гьеб иш гьаби гьесие щибго къварилъи кколеб амру гьечIо.

**20. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьеб иш гьаби щибго захIматаб гьечIо.**

وَمَا ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ بِعَزِيزٍ ٢٠

Жиндие бокьараб жо гьабизе гьесие квалквал гьабулев чи вукIунаро.

**21. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ тIаде бахъинабун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ццере чIола загьирго, гьоркьоб пардав гьечIого, цояв цоясдаса рикIкIад ва балъго гьечIого. Цинги дунялалда жал загIипаллъун рукIарал гIадамаз жидер ханзабилъун ва церехъабилъун рукIарал гIадамаздехун абула:**

وَبَرَزُوا۟ لِلَّهِ جَمِيعًا فَقَالَ ٱلضُّعَفَٰٓؤُا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا كُنَّا لَكُمْ تَبَعًا فَهَلْ أَنتُم مُّغْنُونَ عَنَّا مِنْ عَذَابِ ٱللَّهِ مِن شَىْءٍ ۚ قَالُوا۟ لَوْ هَدَىٰنَا ٱللَّهُ لَهَدَيْنَٰكُمْ ۖ سَوَآءٌ عَلَيْنَآ أَجَزِعْنَآ أَمْ صَبَرْنَا مَا لَنَا مِن مَّحِيصٍ ٢١

**«ХIакълъунго дунялалда ниж нужеда нахърилълъун рукIана.**

**Жакъа нуж ругищха нижедаса Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азаб нахъч1вазелъун щибг1аги кумек гьабизе к1олел?»-абун. Дол церехъабаца абула: «Нижго иманалда т1орит1араллъун ратун рук1аралани нижеца нужги гьелда т1орит1илаан»-абун**
Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел т1орит1ун рук1ана. Гьездаги, цогидаздаги вит1арав авараг цо вук1ана. Гьел жидецаго нахъч1вана т1орит1ел къабул гьабиялдаса ва жидеца куфру т1аса бищана. Ниж къосараллъун рук1иналъ нижеца нужги къосинаруна. Гьанже нижеда г1айиб ч1ванин абун нужее щибго пайда гьеч1о. **Нужецаги нижецаги сабру гьабуниги, яги нилъ зигардун, ч1вач1вадун ругониги гьанже щибго жо хисизе гьеч1о, нахъе к1анц1изе, рахчизе бак1ги гьеч1о» - абун.**
Т1абари абулев г1алимас абуна: гьел капурзабазул цояз цояздехун абула: Алжаналъуре лъугьарал г1адамазе гьеб щвана дунялалда ругеб мехалъ гьел Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъун г1одулел рук1араблъи сабаблъун. Гьанже нилъги г1одизе рач1а Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурх1илародай нилъедаян абун. Цинги гьел г1одун, зигардун рук1уна цо заманаялъ. Гьелдалъун жидер х1ал хисич1елъул гьез абула: «Валлагьи, гьел муъминзабаца дунялалда ругеб мехалъ къварилъи-балагьалда сабру гьабулеб бук1ана, рач1аха нилъги сабру гьабун ч1езе» - абун. Цинги гьел ц1акъ сабру гьабун ч1ола. Гьелдалъунги жидер х1ал хисич1еб мехалъ абула капураб къавмалъ: «Гьанже нилъее щибго бат1алъи гьеч1оха нилълъ ч1вач1ваданиги сабру гьабун ч1аниги» - абун».

وَقَالَ ٱلشَّيۡطَٰنُ لَمَّا قُضِيَ ٱلۡأَمۡرُ إِنَّ ٱللَّهَ وَعَدَكُمۡ وَعۡدَ ٱلۡحَقِّ وَوَعَدتُّكُمۡ فَأَخۡلَفۡتُكُمۡۖ وَمَا كَانَ لِيَ عَلَيۡكُم مِّن سُلۡطَٰنٍ إِلَّآ أَن دَعَوۡتُكُمۡ فَٱسۡتَجَبۡتُمۡ لِيۖ فَلَا تَلُومُونِي وَلُومُوٓاْ أَنفُسَكُمۖ مَّآ أَنَا۠ بِمُصۡرِخِكُمۡ وَمَآ أَنتُم بِمُصۡرِخِيَّ إِنِّي كَفَرۡتُ بِمَآ أَشۡرَكۡتُمُونِ مِن قَبۡلُۗ إِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ لَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ﴿٢٢﴾

22. Х1исаб-мизанги т1убан алжаналъул агьлу алжаналде лъугьинабун, жужах1алъул агьлу жужах1алде лъугьинабун, **гьаб х1укму т1убан хадуб щайт1аналъ абула: «Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее х1акъаб къот1и гьабун бук1ана дунялалда ругеб мехалъ.** Жинда мут1иг1лъаразе алжан бук1ине буго, жинда г1асилъаразе жужах1 бук1ине буго абун. Гьеб къот1и Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ т1убазеги гьабуна. **Дицаги къот1и гьабун бук1ана нужее** ахиратги бук1ине гьеч1о, х1исаб-мизан, алжан-жужах1 бук1ине гьеч1о абун. **Гьеб къот1иялъулъ дун нужее хилиплъана.** Жакъа дунги нужгун цадахъ жужах1алда жаниб буго.

**Дир щибго къуват бук1инч1о нужее дица бицараб жо гьабизе. Нужеда дица амру гьабуна ва нуж дида нахърилълъана** нужеего бокьун, дица щибго х1ал-зулму гьабич1ого, дица берцин бихьизабураб жо нужеда берцин бихьана. Дица бицунеб жоги нужер гьава-напсалъул мурадги к1иябго цоцалъ рекъана.

**Жакъа дида щибго г1айиб ч1ваге, нужеца г1айиб ч1вай нужерго напсазда. Жакъа дун гьеч1о нуж г1азабалдаса хвасар гьаризе к1олеблъун. Нужги гьеч1о дун г1азабалдаса хвасар гьабизе к1олеллъун. Х1акълъунго Дица инкар кколеб буго нужеца дун Аллагьасе ﷻ гьабулеб г1ибадаталъулъ г1ахьал гьабун бук1иналда» - абун.**

Х1асанул Басрияс абуна: къиямасеб къоялъ иблис хут1ба гьабизе бахъуна жужух1алъул агьлуялда цебе. Минбаралда т1адеги бахун, кинабго Аллагьасул ﷻ ццим бахъараб къавмалда раг1изабун иблисалъ Къуръаналда жаниб Аллагьас ﷻ рехсараб гьаб калам гьабула. Ц1акъ к1удияб амру гьеч1ищха гьаб: дунялалда гьел г1адамал къосинарун, гьезда Аллагьасул ﷻ ццим бахъинабун хьвадараб г1еч1ого, ахираталдаги гьел махсароде ккун, гьезда т1ад белъанхъун, гьел инжит гьарулел руго!

**Х1акълъунго, жидерго напсазе зулму гьабураб,** Аллагьасул ﷻ ах1иялъе жаваб кьеч1ого, гьеб иблисалъул ах1иялъе жаваб кьураб къавмалъе **ц1акъ унтизабулеб г1азаб бук1ине буго.**

وَأُدْخِلَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِمْ ۖ تَحِيَّتُهُمْ فِيهَا سَلَٰمٌ ﴿٢٣﴾

**23. Жидеца ахираталда ва Аллагьасда ﷻ иман лъун, аварагасда мут1иг1лъун лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал г1адамал Аллагьасул ﷻ амруялдалъун лъугьинарула жидеда жанисан г1орал чвахулел алжаналъуре. Даимго рук1уна гьел гьеб алжаналъур. Жидер цоцадехун бугеб х1урмат ва к1одогьари: «Аллагьасул ﷻ салам лъеги нужеда»-абун бук1уна.**

Жужах1алъул агьлуялъул г1адаб цоцазда г1айиб ч1вай ва къацанди бук1унаро, Аллагьасул ﷻ лаг1нат жинда лъураб илбисалъул къабих1аб хабарги гьезда раг1уларо.

أَلَمْ تَرَ كَيْفَ ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا كَلِمَةً طَيِّبَةً كَشَجَرَةٍ طَيِّبَةٍ أَصْلُهَا ثَابِتٌ وَفَرْعُهَا فِى ٱلسَّمَآءِ ﴿٢٤﴾

**24. Дуда бихьуларищ ва бич1ч1уларищ, я гьав инсан, т1адег1анав Аллагьас мисал бачун бугеб куц: берцинаб лъик1аб раг1иялъул мисал буго лъик1аб пихъил гъвет1алъул мисал.**

**Жиндир кьалбал гъваридго ракьулъе араб, жиндир г1аркьелалги эхеде рорхун зобалаздехун араб.**

**25. Жинца пихъги кьолеб щибаб заманаялъ Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **изнуялдалъун.**

تُؤۡتِيٓ أُكُلَهَا كُلَّ حِينِۭ بِإِذۡنِ رَبِّهَاۗ وَيَضۡرِبُ
ٱللَّهُ ٱلۡأَمۡثَالَ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمۡ
يَتَذَكَّرُونَ ٢٥

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялдалъун риидал, хасало бат1а гьеч1ого пихъ кьолеб.

Гьаб мисал буго муъминчиясул рек1елъ ч1ун бугеб иманалъул мисал. Гьеб иманалдалъун жиндир г1амал зобалазде бахуна ва кидаго жинца лъик1аб г1амал гьабун жиндие ажру кири бач1унеб бук1уна.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица абуна: «Лъик1аб раг1и «Лаиллагьа иллалагь» буго ва лъик1аб пихъил гъвет1ги муъминчи вуго» - абун. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **г1адамазе мисалал рачуна, кици бахъула: гьел г1адамаз ваг1за босизе бокьун ва иман лъезе бокьун.**

**26. Квешаб хъубаб раг1иялъул мисал буго квешаб зазил гъвет1алъул мисал. Ракьалда т1ад бегун жиб бижараб, жиндир щулиял кьалбалги гьеч1еб, жиб ч1араб бак1ги гьеч1еб.**

وَمَثَلُ كَلِمَةٍ خَبِيثَةٍ كَشَجَرَةٍ
خَبِيثَةٍ ٱجۡتُثَّتۡ مِن فَوۡقِ ٱلۡأَرۡضِ مَا لَهَا مِن
قَرَارٖ ٢٦

Гьаб мисал буго куфруялъул мисал ва куфруялде ах1улеб раг1иялъул мисал: жиндир кьалбалги гьеч1еб, г1аркьелалги гьеч1еб.

**27. Т1адег1анав Аллагьас жидеца иман лъурал г1адамал х1акъаб, бит1араб раг1иялда ч1езе гьарула дунялалъул ч1аголъиялъулъ ва ахираталдаги. Жидеца куфру-ширкалдалъун зулму гьабулел г1адамалги Аллагьас хъущт1изе, къосине гьарула. Х1акълъунго Аллагьас жиндие бокьараб жо гьабула.** Ва гьесда гьикъулев чи вук1унаро щай ва кин абун.

يُثَبِّتُ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱلۡقَوۡلِ ٱلثَّابِتِ فِي
ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَفِي ٱلۡأٓخِرَةِۖ وَيُضِلُّ ٱللَّهُ
ٱلظَّٰلِمِينَۚ وَيَفۡعَلُ ٱللَّهُ مَا يَشَآءُ ٢٧

Гьаб аяталъул маг1на буго муъминзабаца Лаиллагьа иллаллагь абун иман лъун дунялалда лъик1аб г1амал гьабула. Жидер рух1 бахъиялда аск1орги гьеб калима абулаго ва гьелъул маг1на рек1елъ бук1ун хола. Мункар-Накир вач1ун хабалъ к1алгьикъи гьабулеб мехалъги Лаилагьа иллаллагь, Мух1аммадун расулуллагь абула. Жидеца напсазе зулму гьабун иман лъеч1ого ч1арал г1адамазда гьеб калима абизе рак1алде щоларо рух1 бахъулеб мехалъги, хабалъ к1алгьикъи гьабулеб мехалъги.

Суратул аг1рафалъул к1иабилеб аяталъул тафсиралда Аллагьасул

свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб халатаб х1адис буго гьаб аяталъеги тафсирлъун бук1ине рекъараб. Дагьабги баян ц1ик1ине бокьарав чи гьеб тафсиралда вакка.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица бицараб х1адисалдаги буго: *«Муъминчи хвалде г1агарлъараб мехалъ гьесда аск1оре малаикзаби рач1уна, гьесие салам кьун алжаналъул рохелги бицуна. Гьев хвараб мехалъ г1адамалгун цадахъ гьесул жаназагун рилълъуна, гьесдаса жаназаялъул какги бала. Цинги гьев хабалъ лъураб мехалъ жидеца гьев хабалъ г1одов ч1езе гьавула ва жидеца абула: «Дур Бет1ергьан щив» - абун. Гьес абула: «Дир Бет1ергьан Аллагь вуго» - абун. Цинги гьикъула дур авараг щив абун. Гьес абула дир авараг Мух1аммад вуго абун. Цинги гьикъула дур нуг1лъи щиб бугеб абун. Гьев муъминчияс абула дир нуг1лъи буго Ашгьадуалаиллагьа иллаллагь, Мух1аммад расулуллагь абун. Цинги гьесул хоб г1ат1ид гьабула балагьун бер щолеб манзилалъ.*

*Капурчи холеб мехалъ гьесул рух1 бахъула маликзабаца кьабулаго. Гьев хабалъ лъун, гьесда к1алгьикъи гьабулеб мехалъ жинда цох1о жоялъе жаваб кьезеги к1оларо»* - абун. Х1адис ибну Касирица бицана Г1авфидасан. Гьаб буго т1адег1анав Аллагьасул раг1иялъул маг1на: «Аллагьас ﷻ зулмучаг1и къосине гьарула» - абураб.

**28. Мун валагьуларищ, Мух1аммад ﷺ, ва киналго муъминзабиги ралагьуларищ Аллагьас ﷻ жидее кьурал киналго ниг1матазда инкар ккураб капураб къавмалда.**

۞أَلَمۡ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ بَدَّلُواْ نِعۡمَتَ ٱللَّهِ كُفۡرٗا وَأَحَلُّواْ قَوۡمَهُمۡ دَارَ ٱلۡبَوَارِ ﴿٢٨﴾

Гьел руго Маккаялъул агьлу: Аллагьас ﷻ каг1ба рукъалда аск1ор божилъиялда жал ч1езе гьарурал, кинабго рахъалъан жидеде т1аде даран-базар ва бат1и-бат1иял ниг1маталги рач1унел, жидедаго гьоркьосаги Мух1аммад ﷺ аварагльунги вит1арал. Гьел ниг1матазул къадру гьабич1ого жидеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабурал, Мух1аммадги ﷺ гьереси гьавурал. **Цинги жидеца жалгоги жидер къавмги ц1акъ квешаб рукъоре ккезе гьарурал.**

**29. Жагьаннама буго гьеб квешаб рукъги, жал гьенире жанире лъугьине гьарулеб. Ц1акъ квешаб ч1олеб бак1 буго гьеб жагьаннама.**

جَهَنَّمَ يَصۡلَوۡنَهَاۖ وَبِئۡسَ ٱلۡقَرَارُ ﴿٢٩﴾

Даимго жидее г1азаб гьабулеб ва жал гьенисан къват1иреги

рахъулареб.

وَجَعَلُوا لِلَّهِ أَندَادًا لِّيُضِلُّوا عَن سَبِيلِهِ ۗ
قُلْ تَمَتَّعُوا فَإِنَّ مَصِيرَكُمْ إِلَى النَّارِ ﴿٣٠﴾

**30. Жидее г1ибадат гьабизе алагьзаби гьарурал ва Аллагьасде ширк гьабун жидеца г1адамалги къосинарурал Аллагьасул нухдаса,- дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ: «Нужеца дагьабго заманаялъ гьаб дунялалдаса мунпаг1ат босе. Нужер ахир руссунеб бак1 жужах1алъул ц1а буго»-абун.**

قُل لِّعِبَادِيَ الَّذِينَ آمَنُوا يُقِيمُوا الصَّلَاةَ
وَيُنفِقُوا مِمَّا رَزَقْنَاهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً مِّن قَبْلِ
أَن يَأْتِيَ يَوْمٌ لَّا بَيْعٌ فِيهِ وَلَا خِلَالٌ ﴿٣١﴾

**31. Иман лъурал дир лагъзадеридаги дуца абе Мух1аммад ﷺ: нужеца паризаяб как бай гьелъул х1укъукъал т1уран ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1елун. Ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее кьураб х1алалаб ризкъиялдаса напакъаги кье абун:** лъик1аб нухда ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун. **Г1адамазда бихьун кье гьеб напакъа ва балъгоги кье. Жиндилъ щибго даран базаралъ ва гьудул-гьалмагъас мунпаг1ат гьабулареб къиямасеб къо бач1инелде ццебе гьабе гьеб лъик1аб г1амалги.**

اللَّهُ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ
وَأَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجَ بِهِ مِنَ
الثَّمَرَاتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ الْفُلْكَ
لِتَجْرِيَ فِي الْبَحْرِ بِأَمْرِهِ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ
الْأَنْهَارَ ﴿٣٢﴾

**32. Нужеца жиндие г1ибадат гьабизе х1акъав нужер Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, жинца зобал-ракьал рижарав.** Щибго мисал-суратги гьеч1ого. Гьеб к1иябго ц1ун ругел рух1 бугел ва рух1 гьеч1ел, г1ажаибал ва х1икматал жал жинца рижарав, аза-азар бат1ияб рух1ч1аголъи, гъвет1-хер маг1данал ва г1адамасул г1акълу хадуб гъоларел жал рижарав.

Ц1акъ к1удиял г1алимзаби руго абун жидеца ургъун цо техника гьабулел г1адамазги гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижараб жоялда борцун, гьелдаса мисал босун гурони щибго жо гьабун гьеч1о. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижич1еб цох1о жо жегиги инсанас гьабунги гьеч1о. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудрат-гьунар ва гьесул г1елму-лъай жиндие г1орхъи гьеч1еб, жинда релълъараб жо гьеч1еб бук1иналде т1орит1ел гьабула гьадиг1анго камилаб х1алалъ зобал-ракьал ва гьезда жаниб бугеб г1ажаибаб махлукъ бижун бук1иналъ щибго мисал-сурат гьеч1ого, борцунеб, данде кколеб, балагьулеб бак1 гьеч1ого.

**Жинца зодисан лъим рещт1инабулев. Гьеб лъималдалъун кинабго**

**пихъ ва хур нужее ризкъилъун бижизе гьабулев. Жинца нужее гумиги квегъарав гьезда т1ад рек1ун, ралъадал къот1ун нуж ине Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ изнуялдалъун. Гьединго нужее г1оралги квегъарав.** Гьезул лъималдаса мунпаг1ат босизе: гьеб лъималдалъун ах-хур лъалъазе, гьезда т1ад гама бачун хьвадизе. Гьел г1орал инсанасе квегъун кьун рук1иналъул г1аламат буго гьезда т1ад ток кьолел станцияби рай ва гьелдаса мунпаг1ат босиги.

وَسَخَّرَ لَكُمُ ٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ دَآئِبَيْنِ ۖ وَسَخَّرَ لَكُمُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ ﴿٣٣﴾

**33. Жинца нужее бакъги моц1ги квегъарав (кьурав). Жиб к1иябго даимго хьвадулеб ва нужее щибалдалъун мунпаг1ат бугел. Гьединго нужее жинца сордоги къоги гьабурав жиб к1иябго нужее квегъараблъун:** Къад маг1ишат т1алаб гьабун хьвадизе, къаси х1ухьбахъи гьабизе.

وَءَاتَىٰكُم مِّن كُلِّ مَا سَأَلْتُمُوهُ ۚ وَإِن تَعُدُّوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ لَا تُحْصُوهَآ ۗ إِنَّ ٱلْإِنسَـٰنَ لَظَلُومٌ كَفَّارٌ ﴿٣٤﴾

**34. Нужеца гьарарабщинаб жо нужее кьуравги вуго гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.** Нужер к1ал-мац1алъ гьарич1ониги нужер х1алалъ гьарараб, нужер яшав гьабиялда нуж х1ажатабщинаб жо кьурав вуго.

**Т1адег1анав Аллагьасул нужее ругел ниг1матал рик1к1ине лъугьани, гьезул рик1к1еналъул г1орхъи ч1вазе нужеда к1оларо.** Ц1акъ к1удиял ва г1емерал руго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матал. **Гьеб амру гьедин бук1ингун цадахъ инсан ц1акъ жиндиего зулму гьабулев вуго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матазда инкар кколевги вуго.** Жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матал данде гьарулев, гьездаса мунпаг1ат босулев, амма щукру гьабуларев вуго, гьел ниг1матал жиндир гьунар-къуваталъ щварал ругин жиндие абун рак1алде кколев вуго. Цинги жинца закат-садакъаги кьоларо, гурх1ел-рах1моги гьабуларо, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло гьел ниг1маталги напакъаде кьоларо.

وَإِذْ قَالَ إِبْرَٰهِيمُ رَبِّ ٱجْعَلْ هَـٰذَا ٱلْبَلَدَ ءَامِنًا وَٱجْنُبْنِى وَبَنِىَّ أَن نَّعْبُدَ ٱلْأَصْنَامَ ﴿٣٥﴾

**35. Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас абураб г1уж рехсе, Мух1аммад صَلَّىٰ ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьеб дур умматалъе ваг1залъун бук1ине: Я дир Бет1ергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, дуца гьаб Макка гьабе жиндилъ божилъи бугеб шагьарлъун. Дуца дунги дир лъималги рик1к1ад гьаре Аллагь, хъанчазе лагълъи гьабиялдаса.**

Ниж даимго дуе щукру гьабулел руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, мун цо гьавулеб диналда дуца т1орит1идал. Гьеб диналда ч1езаре ниж ва жидеца ширк

гьабулел г1адамаздасан рик1к1ад гьаре.

**36. Х1акълъунго гьел хъанчаз ц1акъ г1емерал г1адамал къосине гьарун руго, дир Бет1ергьан.**
Хъанчаз къосинаруларо, хъанчал гьаруразва гьезие лагълъи гьабизе нух лъураз къосинарула.

رَبِّ إِنَّهُنَّ أَضْلَلْنَ كَثِيرًا مِّنَ ٱلنَّاسِ
فَمَن تَبِعَنِي فَإِنَّهُۥ مِنِّي وَمَنْ عَصَانِي فَإِنَّكَ
غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٣٦

**Дида нахъвилълъун, Аллагь ﷻ цо гьавун хьвадарав чи Х1акълъунго дир диналдаса ва дир агьлуялдаса вуго.** Дида г1асилъарав чиясе дида гьабизе к1олеб жо гьеч1оха **Бет1ергьан. Х1акълъунго Мун вуго мунагьал чурулев ва гурх1улев.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гурх1елалъул ва гьес г1адамазул г1узру къабул гьабиялъул бицун буго гьаб аяталда. Жинда г1асилъаразе г1азаб гьабе абун абич1ого «мун гурх1улев вуго Бет1ергьан»-абун абулеб буго. Гьаб гурх1ел Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасулги бук1ана. Жиндир къавм гьалаг гьабизеги ва гьабич1ого тезеги ихтияр жиндихъе кьун, цояб т1аса бищизе виччадал аварагасги абуна: «Дуца дир къавм т1обит1е, Аллагь» - абун. Муъминзабазул сипатаздаса бищунго къиматаб сипат буго жив гурх1улев вук1ин. Жив гурх1арасда Аллагь ﷻ гурх1ула. Аллагь гурх1арав чи алжаналдеги уна.

**37. Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Х1акълъунго Дица дир хъизан тана:** дир вас Исмаг1ил ва ч1ужу Гьажар тана **хур-хер гьеч1еб, лъим гьеч1еб, щибго ч1аголъи гьеч1еб к1к1алахъ, дуца х1урмат ц1унараб дур рукъалда аск1ор. Я дир Аллагь ﷻ! Дуе г1ибадат гьабизе ва дуе какал разе тана дица гьел гьенир. Дуца бусурбабазул рак1ал гьаре, Аллагь ﷻ, гьаб Каг1ба рукъ бокьун гьенире хьвадулеллъун ва гьенир ругел г1адамал рокьулеллъун. Дуца гьеб Маккаялъул агьлуялъе бат1и-бат1иял пихъаздаса ва ниг1матаздаса ризкъи кье, гьел г1адамаз дуе щукру гьабизе.**

رَّبَّنَآ إِنِّيٓ أَسْكَنتُ مِن ذُرِّيَّتِي بِوَادٍ غَيْرِ ذِي
زَرْعٍ عِندَ بَيْتِكَ ٱلْمُحَرَّمِ رَبَّنَا لِيُقِيمُوا۟
ٱلصَّلَوٰةَ فَٱجْعَلْ أَفْـِٔدَةً مِّنَ ٱلنَّاسِ تَهْوِيٓ
إِلَيْهِمْ وَٱرْزُقْهُم مِّنَ ٱلثَّمَرَٰتِ لَعَلَّهُمْ
يَشْكُرُونَ ٣٧

Т1адег1анав Аллагьас Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дуг1аялъе жаваб гьабун Макка шагьар гьабуна дунялалда т1ад бугебщинаб ниг1мат жинда жанибе бач1унеблъун, жиндилъ божи бугеблъун. Куфру-ширкалъул агьлу жанибе лъугьунареблъун гьабун исламияб диналъ

Макка шагьар Аллагьасе щукру ва рецц гьабулел муъминзабазул ват1анлъун гьабуна.

رَبَّنَآ إِنَّكَ تَعۡلَمُ مَا نُخۡفِي وَمَا نُعۡلِنُۗ وَمَا يَخۡفَىٰ عَلَى ٱللَّهِ مِن شَيۡءٖ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا فِي ٱلسَّمَآءِ ﴿٣٨﴾

**38. Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Х1акълъунго Дуда лъала нижеца загьирго гьабулеб жо ва нижер рак1азулъ балъго бугеб жоги. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ балъго бук1унаро ракьалда т1ад бугеб ва зобалазда бугебщинабги жо.**

Гьеб кинабго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъат буго, гьес бижараб ва гьесие мут1иг1аб буго.

ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ ٱلَّذِي وَهَبَ لِي عَلَى ٱلۡكِبَرِ إِسۡمَٰعِيلَ وَإِسۡحَٰقَۚ إِنَّ رَبِّي لَسَمِيعُ ٱلدُّعَآءِ ﴿٣٩﴾

**39. Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго, дун херлъун хадув жинца дие Исмаг1ил кьурав, гьесда хадув Исх1акъги кьурав. Х1акълъунго дир Бет1ергьан жинда дуг1а гьабулесул дуг1а раг1улев ва гьелъие жаваб кьолев вуго.**

رَبِّ ٱجۡعَلۡنِي مُقِيمَ ٱلصَّلَوٰةِ وَمِن ذُرِّيَّتِيۚ رَبَّنَا وَتَقَبَّلۡ دُعَآءِ ﴿٤٠﴾

**40. Дуца дун гьаве, Бет1ергьан Аллагь, дуе г1ибадат бац1ц1ад гьабулевлъун, дуе какал ралевлъун ва дир зурриятальул г1адамалги гьаре дуе какал ралеллъун. Дуца дуг1аялъе жавабги гьабе, я нижер Бет1ергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.**

رَبَّنَا ٱغۡفِرۡ لِي وَلِوَٰلِدَيَّ وَلِلۡمُؤۡمِنِينَ يَوۡمَ يَقُومُ ٱلۡحِسَابُ ﴿٤١﴾

**41. Я нижер Бет1ергьан Аллагь! Дуда ццере ч1ч1езарун х1исаб-мизан гьабулеб къоялъ Дуца дир мунагьал чуре ва дир эбел-инсулги, киналго муъминзабазулги мунагьал чуре.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул гьаб дуг1а буго нилъеца гьабизе рекъараб дуг1а нилъеда лъазабун гьабураб. Ибрагьим аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ эбел-инсуе дуг1а гьабиги умматалда дуг1а гьабулеб къаг1ида лъазаби буго: гурони мушриказе дуг1а гьабизе бегьуларо.

وَلَا تَحۡسَبَنَّ ٱللَّهَ غَٰفِلًا عَمَّا يَعۡمَلُ ٱلظَّٰلِمُونَۚ إِنَّمَا يُؤَخِّرُهُمۡ لِيَوۡمٖ تَشۡخَصُ فِيهِ ٱلۡأَبۡصَٰرُ ﴿٤٢﴾

**42. Дуда рак1алде ккоге, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Аллагь гъапуллъун вугин абун гьел мушрикаца гьабулеб г1амалалдаса. Х1акълъунго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел г1азаб гьабич1ого нахърахъун тола, гьезул берал г1ач1ихунеб къоялъ гьезие г1азаб гьабизе.**

Гьеб буго жиндир амру ц1акъ к1удияб къиямасеб къо. Жиндир г1азабги гучаб, жиб бихьараб мехалъ рагьарал бералги рагьухъе хут1улел, данде

рачине к1веч1ого.

**43. Ц1акъго хех уна** гьел къиямасеб къоялъ т1ад рахъинарун мах1шаралда рачун унеб мехалъ: **эхеде бут1рулги рорхун, цоцазде балагьизе рег1ич1ого, х1инкъиялъул кутакалъ жидеца берги къапуларо. Гьезул рак1алги щибго жо жаниб гьеч1ел гьодорал жал г1адин рук1уна: г1акълуги гьеч1ел, пикруги гьеч1ел.**

مُهْطِعِينَ مُقْنِعِي رُءُوسِهِمْ لَا يَرْتَدُّ إِلَيْهِمْ طَرْفُهُمْ ۖ وَأَفْئِدَتُهُمْ هَوَاءٌ ﴿٤٣﴾

**44. Дуца капурзабазе х1инкъи кье, Мух1аммад ﷺ, къиямасеб къоялъул гучаб г1азаб щвезе бук1иналдалъун. Гьеб къоялъ жидеца куфру-ширк гьабурал г1адамаз абула: «Я нижер Бет1ергьан! Дуца ниж цодагьаб мехалъг1аги г1азаб гьабич1ого те, нижеца дур иман лъеялде ах1иялъе жаваб кьун иман лъезе ва дур аварагзабазда нахърилълъине»-абун.** гьезул рак1 бакъвазабун гьезде абула: **нуж дунялалда гьедарулел рук1ана гурищ нуж хвезеги гьеч1ин, т1аде рахъинаризеги гьеч1ин» - абун.**

وَأَنذِرِ النَّاسَ يَوْمَ يَأْتِيهِمُ الْعَذَابُ فَيَقُولُ الَّذِينَ ظَلَمُوا رَبَّنَا أَخِّرْنَا إِلَىٰ أَجَلٍ قَرِيبٍ نُّجِبْ دَعْوَتَكَ وَنَتَّبِعِ الرُّسُلَ ۗ أَوَلَمْ تَكُونُوا أَقْسَمْتُم مِّن قَبْلُ مَا لَكُم مِّن زَوَالٍ ﴿٤٤﴾

**45. Нуж рук1ана нужеда ццере рук1арал жал гьалаг гьарурал капурзабазул ракьалда маг1ишат гьабун.** Гьел гьалаг гьарун рук1иналъулги нужее щибго ваг1за лъугьинч1о.
**Нужеда баянго лъалебги бук1ана кинаб г1азаб дица гьеб г1асияб къавмалъе гьабурабали. Дица нужее г1емерал мисалалги рачана дида г1асилъаразе бук1унеб г1азабалъул ва къварилъиялъул, гьелъулги нужее щибго асар лъугьинч1о ва нужеде г1акълу бач1инч1о».**

وَسَكَنتُمْ فِي مَسَاكِنِ الَّذِينَ ظَلَمُوا أَنفُسَهُمْ وَتَبَيَّنَ لَكُمْ كَيْفَ فَعَلْنَا بِهِمْ وَضَرَبْنَا لَكُمُ الْأَمْثَالَ ﴿٤٥﴾

**46. Нужецаги Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **расуласе х1илла макру ургъана: гьев ч1вазе къасд гьабуна, дол ццересел мушриказ гьабураб г1адинго. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аск1об буго гьезул макруялъул жазаъ** ва гьездаса аварагги ц1унула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. **Гьезул макру жинца муг1рул цо бак1алдаса цоги бак1алде инаризе к1олеб г1адаб гучаб бугониги,** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул макруялдаса авараг

وَقَدْ مَكَرُوا مَكْرَهُمْ وَعِندَ اللَّهِ مَكْرُهُمْ وَإِن كَانَ مَكْرُهُمْ لِتَزُولَ مِنْهُ الْجِبَالُ ﴿٤٦﴾

ц1унана.

فَلَا تَحْسَبَنَّ ٱللَّهَ مُخْلِفَ وَعْدِهِۦ رُسُلَهُۥٓ ۚ
إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ ذُو ٱنتِقَامٍ ﴿٤٧﴾

**47. Дуда рак1алдего ккоге, я гьав инсан, Аллагьас ﷻ жиндир аваргзабазе квербакъизе гьабураб къот1и т1убач1ого телин абун.**

**Х1акълъунго Аллагь ﷻ жиндир бергьенлъи, гуч кутакав вуго ва жинда г1асилъараздаса цим босулевги вуго.**

يَوْمَ تُبَدَّلُ ٱلْأَرْضُ غَيْرَ ٱلْأَرْضِ
وَٱلسَّمَٰوَٰتُ ۖ وَبَرَزُوا۟ لِلَّهِ ٱلْوَٰحِدِ ٱلْقَهَّارِ ﴿٤٨﴾

**48. Гьаб ракь хисизабулеб цоги ракьлъун, зобалги хисизарулеб къиямасеб къоялъ гьабизе буго мушриказе г1азаб.**

Муг1рул-щобал гьеч1еб, г1орал-лъарал гьеч1еб ц1ан бит1араб авлахълъун ракьги гьабураб, ц1ваби нахъе росун, ракьалде т1аде г1агар гьарун зобалги рук1унеб, г1аданиб нах гьалулеб х1алалъ бет1ералда г1агар гьабун бакъги бук1унеб, жидер мунагьазул ва г1асилъабазул къадаралда рекъон г1ет1улъ т1ерхьун г1адамалги рук1унеб къо буго гьеб. **Кинабго халкъ т1аде бахъинабун, гьеб къоялъул жив цогояв ханлъун ва Бет1ергьанлъун вугев, жиндир къуват-гуч бергьарав Аллагьасда ﷻ ццереги ч1езарула.**

وَتَرَى ٱلْمُجْرِمِينَ يَوْمَئِذٍ مُّقَرَّنِينَ فِى
ٱلْأَصْفَادِ ﴿٤٩﴾

**49. Гьеб къоялъ Аллагьасде ﷻ г1асияб къавм дуда бихьизе буго Мух1аммад ﷺ, щайт1абигун цадахъ гудраз ва рахсаз рухьун.**

Жидер х1ат1алги квералги габуралда рухьун рук1уна ва щивасул щайт1анги гьебго х1алалъ жидеда цадахъ бухьун бук1уна.

سَرَابِيلُهُم مِّن قَطِرَانٍ وَتَغْشَىٰ وُجُوهَهُمُ
ٱلنَّارُ ﴿٥٠﴾

**50. Гьезда т1ад рет1араб рет1елги пиц1ил бук1ина:** ц1аялъ бух1ун биун т1омгун ва гьангун жубан унеб. **Гьезул гьурмалги ц1а рек1ун гьеб ц1аялъ рух1улел рук1ина.**

Гьаб гучаб г1азаб гьезие гьабулеб буго жидер макруялъе ва г1амалк1одолъи, ч1ух1иялъе жазаълъун.

لِيَجْزِىَ ٱللَّهُ كُلَّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ ۚ إِنَّ
ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٥١﴾

**51. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ Аллагьасда ﷻ цебе ч1езабула, гьес щибаб напсалъе гьелъ гьабураб г1амалалда рекъараб жазаъ гьабизе.**

Аллагьасда ﷻ иман лъун лъик1аб г1амал гьабурасе алжаналъул жазаъ гьабизе, куфру-ширкалда хваразе жужах1алъул г1азабги гьабизе.

**Х1акълъунго Аллагь жинца х1исаб-мизан ц1акъ хех гьабулев вуго.**

Мукъатилица абуна: дунялалъул къоязул бащадаб къо г1адаб заманалъ гьабула кинабго халкъалъул х1исаб абун.

هَٰذَا بَلَٰغٌ لِّلنَّاسِ وَلِيُنذَرُوا۟ بِهِۦ وَلِيَعْلَمُوٓا۟ أَنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ وَلِيَذَّكَّرَ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٥٢﴾

**52. Гьаб дуда рещт1инабураб Къуръан киналго г1адамазда ва жундузда щвезабулеб Аллагьасул ﷻ калам буго: гьелдалъун Аллагьасда ﷻ г1асилъарал г1адамазе х1инкъи кьезе ва кинабго г1аламалдаги лъазе жинца гьаб Къуръан рещт1инабулев ва жиндие лагълъи гьабизе т1адав цох1о Аллагь ﷻ вук1ин ва г1акълу бугел г1адамаз гьаб Къуръаналдаса мунпаг1ат босизе.**

Жидее гьелъул ваг1за бук1ине ва гьел Къуръаналъ малъараб нухда хьвадизе.

Аллагьасул ﷻ квербакъиялдалъун Сурату Ибрагьималъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 15. Суратул Х1ижр

سُورَةُ الحِجْرِ

*Маккаялда рещт1инабураб, жинда жаниб ункъоялда анц1ила ич1го аят бугеб.*

*Цогидалги Маккаялда рещт1инарурал суратазда релълъун гьабги исламияб г1акъидаялъул аслаби рицунеб буго: Аллагь جل جلاله вук1ин ч1езаби, гьев цо вук1ин х1акъгьаби, аварагзабиялъул бицин, ахираталъул бицин, х1исаб-мизан, жазаъ гьабиялъулги бицин. Сураталда жаниб аслияб бак1 ккола буго Аллагьасде جل جلاله инкар ккурал, авараг гьереси гьавулел къосарал ва г1асиял г1адамазулгун аварагасул бах1салъул биценалъ.*

*Цересел умматазул г1асияб, бахьикъосараб къавмалъ аварагзабаздехун гьабураб тущманлъи, гьез аварагзаби махсароде гьари бицун буго ва гьелдалъун Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда бич1ч1инабулеб буго аварагзаби гьереси гьари, гьезие г1акъуба кьей кинабго заманаялъ бук1араб жо бук1ин, гьелда сабру гьабун диналде халкъ ах1иялда т1ад ч1езе аварагзабазда т1адаб бук1инги.*

*Аллагь جل جلاله лъаялде т1орит1ел гьабулел гьаб махлукъаталда жанир ругел цо-цо г1ажаибго лебалал, баянал далилазул бицен гьабун буго. Аллагьасул جل جلاله лаг1нат жиндие бугеб иблисалъулги Адам аварагасулги عليه السلام бицен гьабун буго. Гьелда хадуб Лут1 аварагасул عليه السلام, Шуг1айб ва Ссалих1 аварагасул عليهم السلام къиссаги бицун буго. Сураталъул ахиралда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьаб Къуръан рещт1инабун гьесие кьун бугеб к1удияб ниг1маталъул бицун буго. Мушриказдаса щолеб къварилъиялда сабру гьабеян гьесда амру гьабулеб буго ва Аллагьасул جل جلاله квербакъи г1агарда бук1иналдалъун роххелги бицунеб буго.*

*Сураталда ц1ар лъун буго Ссалих1 аварагасул عليه السلام къавмалъ г1умру гьабун бук1араб «Х1ижру» абулеб бак1алъул ц1аралдалъун. Мадинаялдаса Шамалде унаго гьоркьоблъиялда бугеб бак1 буго гьеб. Ц1акъ къуватаб къавм бук1ана гьеб Ссалих1ил къавм: къураби рик1ун, гьенир жанир рукъзал гьарун рук1арал, ва гьел рукъзабаз жал ц1унилинги рук1арал. Гьеб къавмалъул къисса буго гьаб сураталда жаниб.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

الٓر تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱلْكِتَٰبِ وَقُرْءَانٍ مُّبِينٍ ۝١

**1. Алиф, Лам, Ра.**
Т1адег1анав Аллагьасда лъала гьел х1урупаздалъун бугеб жиндир мурад.
**Гьал жинца г1адамал г1ажиз гьарулеб Къуръаналъул аятал руго.** Пасих1лъиялъулъ жиб камилаб, жинда релълъараб гьабизе инсанасда к1олареб. **Жиб баянаб, жиндилъ щибго щаклъи гьеч1еб Къуръаналъул аяталги руго.**

رُّبَمَا يَوَدُّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَوْ كَانُوا۟ مُسْلِمِينَ ۝٢

**2. Ахираталда жужах1алде ккедал капурзабазда г1емер рак1алде ккола жалги бусурманлъун рук1аралани абун.**
Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидаса бицараб х1адисалда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абулеб буго:
*«Лаилагьа иллаллагь абулел рук1арал г1адамазул цо къокъа Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *жужах1алде лъугьинабула гьезул мунагьал сабаблъун. Жидеца хъанчазе лагълъи гьабураб агьлуялъ гьезда абула: «Нужее щибго пайда гьеч1еб жо гурищ нужер «Лаилагь иллаллагь» бук1ун бугеб, нужги нижгун цадахъ жужах1алда руго гурищ?» - абун. Т1адег1анав Аллагьасул гьел мушриказда ццим бахъуна ва муъминзаби жужах1алдаса къват1иреги рахъинарун «ч1агояб г1ор» абулеб лъималда жанире реххула. Цинги гьездаса ц1адул мах1 ва ругънал т1аса уна, ккун бук1араб моц1 биччараб мехалъ г1адин гьел берцинлъула ва алжаналде жанире лъугьинарула. Гьезда ц1арги бук1уна «жужах1алъулал»*-абун. Х1адис Т1абаранияс бицана.
Жинда Аллагь разилъаяв Абу Муса Ашг1ариясдаса бицараб х1адисалда буго: *«Жужах1алъул агьлугун цадахъ бусурбабазул цо къокъа гьенир жанире лъугьинаридал, капурзабаца абула: «Нуж бусурбаби рук1ана гурищ» - абун. «Рук1ана» - абула гьез. Цингиги капурзабаца абула: Нужее щибго пайда гьабич1о гурищха нужер исламалъ»-абун. Бусурбабаца абула: «Нижер мунагьал рук1ана, гьел сабаблъун руго ниж нужгун цадахъ»-абун. Гьеб хабар раг1араб мехалъ Т1адег1анав Аллагьас бусурбаби жужах1алдаса къват1ире рахъизарула. Гьеб бихьараб мехалъ капурзабаца абула: «Нижги бусурбаби рук1аралани гьал г1адин жужах1алдаса къват1ир рахъинаризе»*-абун. Х1адис Т1абаранияс бицана.

ذَرْهُمْ يَأْكُلُوا۟ وَيَتَمَتَّعُوا۟ وَيُلْهِهِمُ ٱلْأَمَلُ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ۝٣

**3. Дуца гьел мушрикал те, Мух1аммад** ﷺ**, х1айванал г1адин кваналел ва дунялалдаса мунпаг1ат босулеллъун,**

**жидер хьулал халалъун, дунялалде рак1гъун, ахираталъул ургъел гьабизе к1очараллъун. Ахираталъул г1азаб бихьараб мехалъ ва гьеб ч1амизабураб мехалъ гьезда лъазе буго жидер ах1макълъи ва жидеего гьабураб зулму.**

وَمَآ أَهۡلَكۡنَا مِن قَرۡيَةٍ إِلَّا وَلَهَا كِتَابٞ مَّعۡلُومٞ ﴿٤﴾

**4. Дица цониги росдал агьлу гьалаг гьабич1о жидехъе аварагги вит1ун гьев гьереси гьавун хадуб гурони ва гьел гьалаг гьариялъе ц1араб заманаялъ гурони.**

مَّا تَسۡبِقُ مِنۡ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسۡتَـٔۡخِرُونَ ﴿٥﴾

**5. Умматалдаса цебе кколаро гьел гьалаг гьаризе бугеб г1ажал ва гьеб г1ажал т1аде щвараб мехалъ гьел гьалаг гьарич1ого толаро.**

Гьаб аяталъ Маккаялъул мушриказе х1инкъи кьолеб буго жидеца купру-ширк теч1они гьел гьалаг гьаризе рук1иналдалъун. Гьеб гьалаг гьариялъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ц1араб г1уж бук1уна ва гьеб г1уж т1аде щвараб мехалъ жидее рес бук1унаро тавбу гьабизе ва гьеб г1азабалдаса хвасарлъизе.

وَقَالُواْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِي نُزِّلَ عَلَيۡهِ ٱلذِّكۡرُ إِنَّكَ لَمَجۡنُونٞ ﴿٦﴾

**6. Маккаялъул мушриказ абуна: «Я гьав жинда Къуръан рещт1инабурав чи! Мун вуго г1адлав чи.**

Гьесда божич1ого, гьесде Къуръан рещт1инабиялдеги божич1ого, гьев махсароде гьавун абулеб раг1и буго гьеб.

لَّوۡ مَا تَأۡتِينَا بِٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٧﴾

**7. «Авараг вуго абураб раг1иялъулъ мун вит1арав ватани, мун нижехъе малаикзабиги рачун вач1уневани, мун авараг вуго абун нуг1лъи гьабизе»-абун.**

Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

مَا نُنَزِّلُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةَ إِلَّا بِٱلۡحَقِّ وَمَا كَانُوٓاْ إِذٗا مُّنظَرِينَ ﴿٨﴾

**8. Дица малаикзаби рещт1инаруларо жидее г1азаб гьабизе х1укму гьабураб умматалъе г1азаб гьабизе гурони. Цинги гьеб г1азаб гьаби жидедаса нахъеги бахъуларо.**

Ва жидее тавбу гьабизе ва лъик1аб г1амал гьабизе заман бук1унаро.

إِنَّا نَحۡنُ نَزَّلۡنَا ٱلذِّكۡرَ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ﴿٩﴾

**9. Х1акълъунго дун вуго, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дуда Къуръан рещт1инабурав**

**ва дица буго гьеб Къуръан ва гьелъул х1укму ц1унизе.**

Гьелда жаниб щибго жо хисизабиялдаса, т1аде ц1ик1к1инабиялдаса ва гьелдаса камизабиялдаса. Жиндир х1укму хисизабиялдасаги. Т1адег1анав Аллагьас жинцаго ц1унизе т1аде босараб бук1иналдалъун хирияб Къуръаналъулъ щибго хис-бас ккеч1о. Жидедаго ц1унизе т1адкъараб Инжил ва Таврат гьел китабияз хисизабуна ва г1адада хвезабуна.

**10. Х1акълъунго Дица дудаса цциреги аварагзаби рит1ана, Мух1аммад** ﷺ**, бат1и-бат1иял умматазда ва жамаг1атазда.** وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ فِي شِيَعِ الْأَوَّلِينَ ﴿١٠﴾

**11. Гьезухье расул вач1анщинахъе жидеца гьев махсароде гьавуна ва гьересиги гьавуна.** وَمَا يَأْتِيهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿١١﴾

Гьал мушриказ дуе гьабулеб жоги гьебго буго, Мух1аммад, дуца гьелда сабру гьабе ва дуца рак1 къварид гьабуге.

Къурт1убияс абуна: цо хабаралда абулеб буго цо чиясе бокьана, диназул х1албихьизе ва щиб диндай бит1араб буго абун лъазабизе. Цинги гьес Инжил, Таврат, Къуръан босана ва щибаб т1ехьалдаса берцинаб хат1алдалъун бац1ц1адаб кагъаталда цо бут1а хъвана. Гьеб хъвалаго жинца хис-басги гьабуна: цо жо т1аде ц1ик1к1инабуна, цо жо т1аса бахъана. Цинги гьеб хисизабураб жо босун щибаб диналъул г1алимзабазухъе ана.

Насраниязухъе ун Инжилалдаса хъвараб жо гьезухъе кьедал гьел г1алимаз гьесухъан бичун босана доб Инжилалдаса хъвараб жо ва гьелъухъ г1емераб багьаги кьуна. Ягьудиязухъе инадал гьезул г1алимасги Таврагалдаса хъвараб жо бичун босана ва лъик1аб мухьги кьун воххизавун вит1ана.

Цинги гьев ана бусурбабазул г1алимзабазухъе ва гьезда бихьизабуна Къуръаналдаса хъвараб жо. Гьел гьеб кагъаталде балагьидал ва гьениб хис-бас батараб мехалъ жидеца гьев чи ккуна, гьесие таг1зир гьабуна (гьесда т1илал кьабуна), цинги гьевги вачун жидер султ1анасухъе ана гьав чи вугин Къуръан хисизабурав чи абун. Цинги султ1анас гьев ч1вазе х1укму гьабидал, гьес шагьадат бит1ана ва жив бусурманлъана, цинги щай жинца гьеб жо гьабурабалиги бицана ва жинда х1акъаб дин исламияб дин бук1ин лъанаян- абуна.

**12. Дица гьел мушриказул рак1азулъе лъугьинабуна бат1улаб жо, къосин ва** كَذَٰلِكَ نَسْلُكُهُ فِي قُلُوبِ الْمُجْرِمِينَ ﴿١٢﴾

**авараг махсароде гьави.**

لَا يُؤْمِنُونَ بِهِۦ وَقَدْ خَلَتْ سُنَّةُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿١٣﴾

**13. Гьел мушриказ Къуръаналда иман лъоларо. Х1акълъунго гьединал капурал г1адамазе Аплагьас جل جلاله гьабулеб жазаъ цересел умматазе гьабураб г1азабалъул мисалалда буго.**

Гьеб г1азаб гьабиялдаса мушрикал ц1унулеб жо щиб бук1инеб?. Щибго бук1унаро гьел ц1унизе к1олеб ва Аллагьасе جل جلاله бокьани гьел ц1акъ бигьаго гьалаг гьарула. Маккаялъул капурзаби киг1ан г1емер х1ужа-далил бугониги, киг1ан к1удияб муг1жизат бихьизабуниги, гьелда божуларел ва мут1иг1лъуларел руго, жидер г1амал к1одолъиялъ ва х1алхъублъиялъ. Гьезул ч1ух1и ва ах1макълъи баян гьабун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

وَلَوْ فَتَحْنَا عَلَيْهِم بَابًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ فَظَلُّوا۟ فِيهِ يَعْرُجُونَ ﴿١٤﴾

**14. Дица зобалазул рагьоги рагьун, гьел зобалазда жанир лъугьине реччаниги ва гьенир ругел малаикзаби ва цогидал дир махлукъаталъул г1ажаибал жал рихьизаруниги,**

لَقَالُوٓا۟ إِنَّمَا سُكِّرَتْ أَبْصَٰرُنَا بَلْ نَحْنُ قَوْمٌ مَّسْحُورُونَ ﴿١٥﴾

**15. Гьел мушриказ абизе буго Х1акълъунго нижее сих1ро гьабун буго ва нижер бер бухьун бугоян абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварвгасде инкар кквеялъул гуч буго гьеб. Хирияб Къуръанги жидеца гьереси гьабулеб буго, зодоб бугеб моц1 хъвалхьинабуниги гьеб муг1жизатги жидее г1олеб гьеч1о. Зобалаздеги рахине гьарун гьениб бугеб Аллагьасул جل جلاله махлукъат бихьизабуниги гьебги сих1ро бугоян абизе буго гьез.

وَلَقَدْ جَعَلْنَا فِى ٱلسَّمَآءِ بُرُوجًا وَزَيَّنَّٰهَا لِلنَّٰظِرِينَ ﴿١٦﴾

**16. Х1акълъунго Дица зобалазда ц1ваби хьвадулел нухал гьарун руго.**

Нилъее г1исинал ц1вабилъун рихьулел жалги нилъер ракьалдаса г1емерго к1удиял, ц1акъ нилъедаса рик1к1адал планетаби руго. Гьел киналго жидерго хассал нухазда хьвадулел руго ва гьелдалъун инсанасе заман, бак1, рахъ лъазе мунпаг1атги буго. **Гьединго гьел ц1вабзаздалъун дица зобал берцин гьарун руго, гьенир балагьарал г1адамазул бер боххулеб ва рак1 парахалъулеб х1алалъ.** Жидер г1акъло бугел г1адамаз гьеб зобалъул ва ц1вабзазул х1исаб гьабун жидер Бет1ергьан Аллагь جل جلاله вук1иналда далилги бачуна.

وَحَفِظْنَٰهَا مِن كُلِّ شَيْطَٰنٍ رَّجِيمٍ ﴿١٧﴾

**17. Дица гьел зобал ц1унунги руго жиб**

**рах1маталдаса рик1к1ад гьабураб, жиндие лаг1нат кьураб щайт1ан гьениб бахиялдаса.**

إِلَّا مَنِ ٱسْتَرَقَ ٱلسَّمْعَ فَأَتْبَعَهُۥ شِهَابٌ مُّبِينٌ ﴿١٨﴾

**18. Зобалазул вах1юялда г1енеккулеб цо-цо щайт1ан бук1уна, гьелдаги зодисан рехараб ц1адул сунтур щола ва жибги бух1ун г1одобе бортула.** Щайт1ан бихьарабго гьелда хадуб лъугьун ц1адул сунтуралъ гьеб борлъула ва бух1ула.

وَٱلْأَرْضَ مَدَدْنَٰهَا وَأَلْقَيْنَا فِيهَا رَوَٰسِىَ وَأَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ شَىْءٍ مَّوْزُونٍ ﴿١٩﴾

**19. Дица гьаб ракь т1ибит1ун г1одоб лъуна ва гьелда т1ад муг1рулги гьаруна.** Инсанасе яшав гьабизе санаг1ат бугеб х1алалъ бит1араб ракь гьабуна. Гьелда т1ад муг1рул-щобал, к1к1алалги гьаруна, г1орал-лъаралги чвахизаруна, дица гьеб ракьалда т1ад бат1и-бат1ияб гъвет1-хер ва ниг1матал рижизаруна, жидер къадар ч1езе гьабун. **Дир х1икматалда рекъон, г1адамазе маслах1ат хал гьабун ракьалда т1ад щибаб бак1алда бат1и-бат1ияб хур-хер, пихъ бижизабуна.** Муг1рузда ва ракьалда жанир бат1и-бат1иял маг1даналги гьаруна.

وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَٰيِشَ وَمَن لَّسْتُمْ لَهُۥ بِرَٰزِقِينَ ﴿٢٠﴾

**20. Дица гьеб ракьалда т1ад нужее маг1ишат гьабизе сабабал рекъезаруна:** кваналеб квен, гьекъолеб лъим, т1ад рет1улеб рет1ел, жанир ч1олел рукъзал ва цогидабги инсан жинда х1ажалъулеб жо гьабуна ракьалда т1ад. **Нужеца жидее ризкъи кьоларел, нужеца жидедаса мунпаг1ат босулел х1айванал ва лагъзалги гьаруна, нужее маслах1аталъе.**

Гьел х1айваназе ризкъи загьиралда г1адамаз кьолеб бугониги, гьеб ризкъи бижарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.

وَإِن مِّن شَىْءٍ إِلَّا عِندَنَا خَزَآئِنُهُۥ وَمَا نُنَزِّلُهُۥٓ إِلَّا بِقَدَرٍ مَّعْلُومٍ ﴿٢١﴾

**21. Кинабниги инсанасе бугеб ризкъиялъул ва цогидал ниг1матазул асло ва хазина дида аск1об буго. Дица гьеб ракьалда загьир гьабуларо жиндие ч1ч1езабураб къадаралда рекъон гурони ва г1адамазе бугеб маслах1ат хал гьабун гурони.**

Гьеб маслах1атги живго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъик1 лъала нилъеда лъалелдаса.

Жинда г1асилъаразеги ризкъи г1ат1ид гьабун кьола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, гьезул ниг1матаздалъун х1албихьи гьабун: щукруги гьабуни,

тавбуги гьабуни Аллагь جل جلاله т1аса лъугьуна ва гьел ниг1матал гьезие х1алаллъула. Ниг1матазда щукруги гьабич1они Аллагьасда جل جلاله г1асилъиги теч1они, гьел ниг1матал гьезие балагьлъун сверула ва г1азаб ц1ик1к1инабиялъе сабаблъунги ккола. Муъминзабазулги х1албихьи гьабула Аллагьас جل جلاله гьезие ризкъи къварид гьабун, унтабщокълъи т1аде биччан. Гьез сабру гьабизе ва гьелдалъун жидее ажрукириги ц1ик1к1ине ва Аллагь جل جلاله разилъиги щвезе.

**22. Дица, жидеца нак1к1ал цоцаде рачунел, гьуралги рит1ула.** وَأَرْسَلْنَا ٱلرِّيَٰحَ لَوَٰقِحَ فَأَنزَلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَسْقَيْنَٰكُمُوهُ وَمَآ أَنتُمْ لَهُۥ بِخَٰزِنِينَ ﴿٢٢﴾

Гьединго гьел гьураз гъвет1-хер цоцазде жубазабула: бихьинаб ва ц1уяб т1егьалъул х1ур цоцазде жубазабула гьуриялъ, гьелдалъун пихъ-хурги лъик1 бижула ва пайда ц1ик1к1ун кьола. Гьеб гьури нак1к1азе ва гъвет1-хералъе, рух1ч1аголъиялъе бихьинаб жоялда релълъун буго.

**Зодиса ц1ад базабун дица гьеб лъим нужеда гьекъезабула** ва нужее хур-хер бижиялъе сабаблъун ккезабула. **Гьеб лъим рещт1инабизе ва гьеб х1орахъ, иццахъ ц1унизе к1олеллъун гьеч1о нуж.** Дица гьабуна лъимги, ракьги, гъвет1-херги нужее пайда бугеблъун. Дие бокьани гьеб лъим ракьулъ жаниб ун т1аг1инабилаан дица, цинги гьеб батизабизе к1олев чиги вук1унаро нужеда гьоркьов.

**23. Х1акълъунго дун вуго дица г1адамал хвезе гьарулев ва хун хадур гьел ч1аго гьарулев.** وَإِنَّا لَنَحْنُ نُحْىِۦ وَنُمِيتُ وَنَحْنُ ٱلْوَٰرِثُونَ ﴿٢٣﴾

Кинабго махлукъаталъул варис вуго дун. Кинабго жо ахир-къадги диде буссуна. Нужги нужер маг1ишатги буго жиб паналъизе, т1аса ине бугеб жо. Т1аса унареб бет1ергьанчилъи цох1о дир буго.

**24. Х1акълъунго Дида лъала нужеда ццерехун рук1арал киналго умматазул хабар.** وَلَقَدْ عَلِمْنَا ٱلْمُسْتَقْدِمِينَ مِنكُمْ وَلَقَدْ عَلِمْنَا ٱلْمُسْتَـْٔخِرِينَ ﴿٢٤﴾

Адам عليه السلام аварагасдаса байбихьун Мух1аммад صلى الله عليه وسلم аварагасде щвезег1ан ццерехун рук1арал умматазул ах1вал-х1ал лъала, гьезул лъик1алги лъала, квешалги лъала, гьезул хун хадуб руссараб бак1ги лъала. **Х1акълъунго гьаб умматалъул хабарги, къиямасеб къо ч1езег1ан т1аде рач1ине ругел умматазул хабарги лъала дида.** Аллагьасдаса جل جلاله щибго жо балъго хут1уларо, гьесул г1елму-лъай кинабго жоялда сверун лъугьараб буго.

**25. Гьел киналго умматазул г1адамал мах1шаралде рахьинарулевги дур** وَإِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَحْشُرُهُمْ ۚ إِنَّهُۥ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿٢٥﴾

**Бет1ергьан Аллагь вуго, Мух1аммад ﷺ. Х1акълъунго Гьев Аллагь вуго жиндир х1икмат бергьарав, г1адлу бит1арав Х1аким ва жинда кинабго жо лъалев, гьелъул тадбир гьабулев Г1алим.**

**26. Х1акълъунго дица инсан вижана,** Адам авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вижана, **жиб бакъвараб, жиндир кьер ч1ег1ерлъараб х1арщалдаса.**

وَلَقَدْ خَلَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ مِن صَلْصَٰلٍ مِّنْ حَمَإٍ مَّسْنُونٍ ﴿٢٦﴾

**27. Гьев Адам вижилелде цебего жундузул ва щайт1абазул бет1ер иблис бижана дица ц1акъ бух1араб, жиндир к1к1уй гьеч1еб ц1аялдаса: жиб расул кьибилалдаса хьвадулеб г1адаб ц1аялдаса.**

وَٱلْجَآنَّ خَلَقْنَٰهُ مِن قَبْلُ مِن نَّارِ ٱلسَّمُومِ ﴿٢٧﴾

**28. Дуца умматалъе бице, Мух1аммад ﷺ, дур Бет1ергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малаикзабазда абураблъи: Х1акълъунго Дица цо черх бижизе буго бакъвараб, жиб ч1ег1ерлъун, мах1 хисун бугеб х1арщалдаса.**

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَٰٓئِكَةِ إِنِّى خَٰلِقٌۢ بَشَرًا مِّن صَلْصَٰلٍ مِّنْ حَمَإٍ مَّسْنُونٍ ﴿٢٨﴾

**29. Дица гьеб къаркъала гьабун гьелъул лугби ва черх т1убазабураб мехалъ ва гьелда жаниб дир жинца жо ч1аго гьабулеб рух1ги биччараб мехалъ (пураб мехалъ),** цинги рух1 бугев, ч1агояв инсанлъун гьев лъугьараб мехалъ нуж киналго гьев к1одо гьавун, **гьесул х1урмат гьабун, гьесда цере суждаялда ч1а.**

فَإِذَا سَوَّيْتُهُۥ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِن رُّوحِى فَقَعُوا۟ لَهُۥ سَٰجِدِينَ ﴿٢٩﴾

Гьаб сужда гьеч1о г1ибадат гьабиялъул сужда. Гьаб буго х1урмат гьабиялъул сужда. Гьедин сужда гьабулеб г1адат бук1ана исламияб динги бит1ун, гьелда жаниб х1арамаблъун гьабизег1ан.

Т1адег1анав Аллагьас гьев Адамил عَلَيْهِ السَّلَامُ сурат гьабун, гьелда жаниб рух1 пун гьеб ч1аго гьабидал, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру т1убазабун.

**30. Адамие сужда гьабуна киналго малаикзабаца.**

فَسَجَدَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ كُلُّهُمْ أَجْمَعُونَ ﴿٣٠﴾

Цох1о чи нахъч1вач1о малаикзабазул Адамие сужда гьабиялдаса.

31. Гьеб мехалъ малаикзабазда цадахъ бук1араб, амма жиб малаикзабазул жинсалдаса гьеч1еб **иблис нахъч1вана сужда гьабиялдаса ва гьеб жидеца сужда гьабурал малаикзабазда гьоркьобе лъугьинч1о.**

إِلَّآ إِبْلِيسَ أَبَىٰٓ أَن يَكُونَ مَعَ ٱلسَّٰجِدِينَ ﴿٣١﴾

**32. Т1адег1анав Аллагьас гьелда абуна: «Я иблис! Сужда гьабич1ого**

قَالَ يَٰٓإِبْلِيسُ مَا لَكَ أَلَّا تَكُونَ مَعَ ٱلسَّٰجِدِينَ ﴿٣٢﴾

**бук1ине ккани щиб г1илла дуе бугеб?» - абун.**

قَالَ لَمْ أَكُن لِّأَسْجُدَ لِبَشَرٍ خَلَقْتَهُۥ مِن صَلْصَٰلٍ مِّنْ حَمَإٍ مَّسْنُونٍ ٣٣

**33. Иблисалъ абуна: «Дица сужда гьабизе гьеч1о дуца мах1цараб, ч1ег1ераб, бакъвараб х1арщалдаса вижарав чиясе.** Дун буго ц1аялдаса бижараб, дун гьесдаса лъик1аб ва ч1ух1араб буго»-абун.

قَالَ فَٱخْرُجْ مِنْهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ٣٤

**34. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Гьедин бугони мун къват1ибе бахъа гьал зобалаздаса. Х1акълъунго мун дир рах1маталдаса нахъе къот1араб буго.**

وَإِنَّ عَلَيْكَ ٱللَّعْنَةَ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلدِّينِ ٣٥

**35. Ва дуе абадиялъго лаг1нат буго ахир къиямасеб къо щвезег1ан» - абун.**

قَالَ رَبِّ فَأَنظِرْنِىٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ٣٦

**36. Гьеб иблисалъ абуна: «Я дир бет1ергьан! Дун хвезабич1ого нахъбахъунг1аги те, г1адамал хвезе гьарун хадуб т1аде рахъинарулеб мех щвезег1ан» - абун.**

قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ ٱلْمُنظَرِينَ ٣٧

إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْوَقْتِ ٱلْمَعْلُومِ ٣٨

**37.38. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: Х1акълъунго мун нахъе бахъун тараздаса бук1ине буго жиб лъалеб, жиндилъ киналго г1адамал холеб къоялде щвезег1ан.** Гьеб буго Исрапил малаикас сур пун кинабго ракьалда т1ад бугеб жо холеб къо. Гьеб къоялъ иблисги хола. Гьелъие бокьун бук1ана т1аде рахъинарулеб къоялде щвезег1ан жиб хвеч1ого бук1ине: гьелда лъалеб бук1ун т1аде рахъинарун хадуб цоги хвел гьеч1еблъи.

قَالَ رَبِّ بِمَآ أَغْوَيْتَنِى لَأُزَيِّنَنَّ لَهُمْ فِى ٱلْأَرْضِ وَلَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ٣٩

**39. Иблисалъ абуна: «Я дир бет1ергьан! Дуца дун къосараздаса гьаби сабаблъун дица гьев Адамил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ наслуги къосинабила, гьезда дунялалда т1ад кинабго г1асилъи, пасалъи берцинги бихьизабила ва гьел киналго дица х1акъаб диналдаса ва бит1араб нухдаса къосинарила,**

إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ ٱلْمُخْلَصِينَ ٤٠

**40. дуе т1аг1ат-г1ибадат бац1ц1ад гьабурал, дудехун ширк гьабич1ел, дир макруялдаса дуца жал ц1унарал муъминзаби хут1изег1ан.** Дир х1алк1оларо гьел къосинаризе» – абун.

قَالَ هَٰذَا صِرَٰطٌ عَلَىَّ مُسْتَقِيمٌ ٤١

إِنَّ عِبَادِى لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَٰنٌ إِلَّا مَنِ ٱتَّبَعَكَ مِنَ ٱلْغَاوِينَ ٤٢

**41.42. Т1адег1анав Аллагьас абуна: Гьаб бугоха дир бит1араб ва х1акъаб нух, киналго умматазулъ жиб бугеб: Х1акълъунго дие г1ибадат бац1ц1ад**

**гьабурал лагъзадерида т1аде дуе нух гьеч1о гьел къосинаризе. Дуда нахърилълъарал ва жалги къосарал г1адамал хут1изег1ан.** Гьел руго дуда къосинаризе к1олел.

وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمَوْعِدُهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٤٣﴾ لَهَا سَبْعَةُ أَبْوَابٍ لِّكُلِّ بَابٍ مِّنْهُمْ جُزْءٌ مَّقْسُومٌ ﴿٤٤﴾

**43.44. Х1акълъунго гьел киналго руссунеб бак1 жагьаннама буго.** Гьелгун цадахъ мунги гьеб жагьаннамаялда бук1ине буго. **Гьелъул анкьго бат1аяб рагьуги буго, щибаб рагьдухъан жиндир къокъаби лъугьинабулеб.**

Анкьго т1ала буго гьеб жужах1алъул, щибаб т1алаялъул кавуги буго. Цояб т1ала цояб т1алаялдаса г1азаб гучаб буго. Жидер г1амал бихьун, жидее гьабизе мустах1икъаб г1азаб бихьун, гьел кавабахъан жанире лъугьинарула жужах1алъул агьлу.

Т1адег1анав Аллагьас хириял малаикзаби рижана нуралдаса. Жидеца цох1о лах1заталъ гъапуллъич1ого Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьабулел, жидер кванай-гьекъей гьеч1ел, жидер наслу-тухум гьеч1ел, бихьин-ц1улъи гьеч1ел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъзал руго гьел малаикзаби. Гьесул амру т1убазе щибго хилиплъуларел. Гьеб тамахаб, х1еренаб нуралдаса рижарал малаикзабазул г1амалги нуралда релълъараб берцинаб буго.

Ц1аялдаса бижун буго иблис. Гьеб иблисалда нахъвилълъаравги ц1адаве кколев вуго. Жибго иблисги гьелъул наслу-тухумги ц1адабе кколеб буго. Ракьалдаса вижарав Адам عَلَيْهِ السَّلَامُ ракьалде рещт1инавун, гьенив яшав гьабизе т1амун, гьесул наслу-зурриятги ракьалда т1ад хьвадизарун, Бет1ергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул х1албихьи гьабулел руго. Лъик1абги квешабги жо лъазабун, аварагзаби рит1ун, т1ахьал рещт1инарун, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ г1ибадат гьабиялде ах1улел руго.

Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал, ахираталда божарал, аварагасда нахърилълъун лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазе бугеб жазаъ бицун т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

إِنَّ ٱلْمُتَّقِينَ فِي جَنَّٰتٍ وَعُيُونٍ ﴿٤٥﴾

**45. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азабалдаса х1инкъун лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал муъминзаби алжаназда жанир рук1ине руго, берцинал, т1аг1амал ниг1матазулъ. Гьуинаб, лазатаб лъималъул, рахьдал, жадул ва гьац1дал иццалги рук1ине руго гьел алжаназда жанир.**

ٱدْخُلُوهَا بِسَلَٰمٍ ءَامِنِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Гьездаги абула: «Нуж гьал алжаназда жанире лъугьа нуж щибго рихараб жоялдаса божараллъун ругеб х1алалъ.**

Нужее хвелги гьеч1о, нужедаса ниг1маталги т1аса ине гьеч1о»-**абун.**

**47. Дица гьел муъминзабазул рак1азульан кинабго ццинбахъи, тущманлъи, х1алхъублъи ва х1асад г1адал квешал сипатал нахъе рахъила.** وَنَزَعْنَا مَا فِي صُدُورِهِم مِّنْ غِلٍّ إِخْوَانًا عَلَىٰ سُرُرٍ مُّتَقَابِلِينَ ﴿٤٧﴾

**Цоцалъ рак1 жубарал ваццаллъун рук1ина гьел алжаналъул тахазда г1одор ч1ун, цоцазда дандрит1ун, цоцаде мугъ бач1ого рук1ина.**

**48. Жидеда гьел алжаназда жанир щибго свакай ва къварилъи хъат1уларо ва жал гьел алжаназдаса къват1ирги рахъинаруларо.** لَا يَمَسُّهُمْ فِيهَا نَصَبٌ وَمَا هُم مِّنْهَا بِمُخْرَجِينَ ﴿٤٨﴾

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жужах1алдаса рорч1ун муъминзаби сират1алъул раг1алде щведал, гьенир ч1ч1езарула ва цоцаздаса дунялалда рук1арал х1акъазул жидеда гьоркьоб бугеб жоялъул къиссас босула. Цинги мунагьаздаса рац1ц1алъараб мехалъ гьезие алжаналде лъугьине изнуги кьола»* - абун. Х1адис Къатадатица бицана.

Цогиги бицана: жагьилияб заманаялъ къурайшиязул щибаб кьибилалъул цоцаздехун х1алхъублъи бук1ана. Исламалде рач1индалго Абубакар асх1аб, Г1умар асх1аб ва Г1али асх1аб цоцазе вацал лъугьана, щивасул кьибил бат1ияб бугониги.

Цогиги абуна: алжаналъул тахазда г1одор ч1ун цоцазде данде рит1ун рук1уна жидее алжаналъул рохел бицарав анц1го асх1аб: Абубакар, Г1умар, Г1усман, Г1али, Т1алх1ат, Зубайр, Г1авфил Г1абдурах1ман, Абувакъасил Саг1ду, Зайдил вас Саг1ид, Г1абдуллагь ибну Масг1уд жал киназдаго Аллагь разилъаги.

**49. Дуца дир муъминал лагъзадерида бице, Мух1аммад ﷺ, Х1акълъунго Дун Дица мунагьал чурулев ва муъминзабазда гурх1улев вугин абун.** ۞ نَبِّئْ عِبَادِي أَنِّي أَنَا الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴿٤٩﴾

**50. Ва Дида г1асилъарал лагъзадерие Дица гьабулеб г1азаб жинца ц1акъ унтизабулеб г1азаб бугин абунги.** وَأَنَّ عَذَابِي هُوَ الْعَذَابُ الْأَلِيمُ ﴿٥٠﴾

Къурт1убияс абуна: *«Цо нухалъ аварag ﷺ асх1абзабазда* رضي الله عنهم *т1аде щвана гьел релъанхъулел ругеб мехалъ. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нуж сундаса роххун ругел, жегиги алжанги жужах1ги нужеда ццебеги бук1ун»* – абун.

Жидеда Аллагь разилъаял асх1абзабазе гьеб амру зах1малъана ва жидеца мунагь гьабунаян абун пащманлъана. Цинги т1адег1анав Аллагьас гьаб 49-50 аят рещт1инабуна.

وَنَبِّئْهُمْ عَن ضَيْفِ إِبْرَٰهِيمَ ﴿٥١﴾

**51. Дуца жегиги дур умматалда бице, Мух1аммад ﷺ, Ибрагьим аварагасухъе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рач1арал гьалбадерил хабар.**

إِذْ دَخَلُوا۟ عَلَيْهِ فَقَالُوا۟ سَلَـٰمًا قَالَ إِنَّا مِنكُمْ وَجِلُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Гьел гьалбал Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасде т1аде лъугьараб ва гьез гьесда салам бугоян абураб г1уж. Ибрагьимица абуна:** гьел гьалбадерида ццебе бежараб бече лъураб мехалъ, гьез гьеб гьан ва квен кванач1ого тедал: **«Х1акълъунго ниж нужедаса х1инкъулел руго»-абун.**

قَالُوا۟ لَا تَوْجَلْ إِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلَـٰمٍ عَلِيمٍ ﴿٥٣﴾

**53. Гьалбадерица Ибрагьимида абуна: «Мун х1инкъуге,** ниж дуе къварилъи гьабизе рач1арал чаг1и гуро. **Х1акълъунго нижеца дуда рохел бицине буго. Дуе цо лъик1ав, иман бугев, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъалев вас гьавизе вугоян»-абун.** Гьев вас Исх1акъ авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вуго.

قَالَ أَبَشَّرْتُمُونِى عَلَىٰٓ أَن مَّسَّنِىَ ٱلْكِبَرُ فَبِمَ تُبَشِّرُونَ ﴿٥٤﴾

**54. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Нужеца дие вас гьавизе вуго абун рохелищ бицунеб, дун херав чиги вук1адго. Гьеб рохел щиб сабаблъун нужеца бицунеб» - абун.**

قَالُوا۟ بَشَّرْنَـٰكَ بِٱلْحَقِّ فَلَا تَكُن مِّنَ ٱلْقَـٰنِطِينَ ﴿٥٥﴾

**55. Гьалбадерица абуна: «Нижеца дуда бицунеб роххел Алагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугеб х1акъаб роххел буго, дур хьул къот1уге ва мун гьелда щаклъуге» – абун.**

قَالَ وَمَن يَقْنَطُ مِن رَّحْمَةِ رَبِّهِۦٓ إِلَّا ٱلضَّآلُّونَ ﴿٥٦﴾

**56. Ибрагьимица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рах1маталдаса хьул къот1улев чи щивха вук1унев, жидеда х1акъаб жо лъаларел, Бет1ергьан Аллагьги лъаларел г1адамал рук1ун гурони» - абун.**

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялъул нур бараб рак1, жиндир Бет1ергьанасда даимго хурхунги бук1унеб, гьеб рак1алъул хьул къот1уларо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рах1маталдаса.

Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ г1ажаиблъи гьабун бук1инч1о Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталда ва къадаралда щаклъун. Гьеб г1ажаиблъи бук1ана г1адатияб жо хал гьабун: нусгоялдасаги г1емер сонал ругев жиндие

цох1о лъимерги гьабич1ей жиндир ч1ужуялъ, гьей ч1ужуги нусго соналде г1агарун йик1аго, лъимер кин гьабилеб абураб г1ажаиблъи бук1ана.

قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ أَيُّهَا ٱلْمُرْسَلُونَ ﴿٥٧﴾

57. Цинги Ибрагьимида, гьел гьалбал малаикзаби рук1ин лъадал гьес абуна: **я Аллагьасул расулал! Нужер щиб амру бугеб ва нуж щиб хъулухъ т1ад къан Бет1ергьанас рит1ун ругел? - абун.**

قَالُوٓاْ إِنَّآ أُرْسِلْنَآ إِلَىٰ قَوْمٍ مُّجْرِمِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Малаикзабаца абуна: «Х1акълъунго ниж рит1ун руго жидеца ц1акъ к1удиял мунагьал гьарулеб къавмалда. Гьел гьалаг гьаризе ва гьезул росаби ч1унтизаризе,**

إِلَّآ ءَالَ لُوطٍ إِنَّا لَمُنَجُّوهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٥٩﴾

**59. Лут1 аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **хъизан хут1изег1ан. Х1акълъунго гьев Лут1ил хъизан нижеца г1азабалдаса хвасар гьабизе буго,**

إِلَّا ٱمْرَأَتَهُۥ قَدَّرْنَآ إِنَّهَا لَمِنَ ٱلْغَٰبِرِينَ ﴿٦٠﴾

**60. цох1о гьесул ч1ужу хут1изег1ан.** Жинца иман лъеч1ей ва Лут1ие зарал гьабулей йик1арай. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **х1укму гьабун буго гьей гьалаг гьарулеб къавмалда гьоркьой йик1ине ва гьелгун цадахъ гьалаг гьайизе»-абун.**

فَلَمَّا جَآءَ ءَالَ لُوطٍ ٱلْمُرْسَلُونَ ﴿٦١﴾

**61. Цинги гьел малаикзаби Лут1ил** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **хъизамалъухъе рач1араб мехалъ,**

قَالَ إِنَّكُمْ قَوْمٌ مُّنكَرُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Лут1ица абуна, х1акълъунго нуж дида лъаларел, цониги нухалъ рихьич1ел г1адамал ругоян абун.**

Нужер щиб мурад бугеб ва нуж кире унел г1адамал ругел абун.

قَالُواْ بَلْ جِئْنَٰكَ بِمَا كَانُواْ فِيهِ يَمْتَرُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Гьалбадерица абуна: «Ниж духъе рач1ун руго гьаб капураб къавм жинда божуларого бук1араб г1азабги бачун, гьел гьалаг гьаризе.**

وَأَتَيْنَٰكَ بِٱلْحَقِّ وَإِنَّا لَصَٰدِقُونَ ﴿٦٤﴾

**64. Духъе ниж х1акъаб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амругун рач1ун руго ва ниж гьаб хабаралъулъ рит1ухъалги руго» - абун.**

فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ مِّنَ ٱلَّيْلِ وَٱتَّبِعْ أَدْبَٰرَهُمْ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنكُمْ أَحَدٌ وَٱمْضُواْ حَيْثُ تُؤْمَرُونَ ﴿٦٥﴾

**65. Мун дур агьулуги бачун сардил цо дагьаб заман хут1араб мехалъ росулъан къват1иве а. Мун гьеб агьлуги ццебе лъугьинабун, гьезда хадув вилълъа: гьезул рак1 парахат бук1ине. Нужер**

**цониги чи нахъги валагьуге** нужеда гьаракь-мохъ раг1аниги: гьезда рещт1унеб г1азабалъул гуч бихьун рак1 бихъун хвезе бегьула. **Ва нуж а, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужеде амру гьабураб рахъалде.** Шамалъул рахъалде.

وَقَضَيْنَآ إِلَيْهِ ذَٰلِكَ ٱلْأَمْرَ أَنَّ دَابِرَ هَٰٓؤُلَآءِ مَقْطُوعٌ مُّصْبِحِينَ ﴿٦٦﴾

**66. Дица Лут1 аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **лъазабуна гьеб квешаб къавм рогьалил г1ужалда гьалаг гьабизе бугин, цох1о чи нахъе теч1ого, гьезул ахир къот1изабун.**

وَجَآءَ أَهْلُ ٱلْمَدِينَةِ يَسْتَبْشِرُونَ ﴿٦٧﴾

**67. Цинги гьеб росдал къавм бач1ана г1едег1ун, цоял цояздаса цере ккезе ях1 бахъун, рохxун:** берцинал г1олохъанал васал рач1ун ругин абун гьезда Лут1ил ч1ужуялъ лъазабидал хехлъана гьел Лут1ил азбаралде щвезе, гьел гьалбадерие къабих1аб жо гьабизе абун.

قَالَ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ ضَيْفِى فَلَا تَفْضَحُونِ ﴿٦٨﴾

**68. Лут1 аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Х1акълъунго гьал дир гьалбал руго рик1к1адаса рач1арал, нужеца дун нечезавуге гьезда аск1ор нуж къан.**

وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَلَا تُخْزُونِ ﴿٦٩﴾

**69. Нуж Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **х1инкъа гьеб къабих1аб пиша гьабизе ва дунги г1одовег1ан гьавуге гьел гьалбадерие къварилъи гьабун» - абун.**

قَالُوٓا۟ أَوَلَمْ نَنْهَكَ عَنِ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٧٠﴾

**70. Къавмалъул пасикъзабаца абуна: «Дуда нижеца лъазабун бук1ана гурищ дуца гьалбал рукъоре рачунге абун».**

Лут1ица къавмалда ваг1за-насих1ат гьабун, къабих1аб пиша гьабиялдаса гьел нахъч1вараб мехалъ, гьез Лут1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ абун бук1ана: «Дуца дур рукъоре гьалбал риччаге, ниж гьезда аск1оре лъугьине дуе бокьун батич1они ва цоги бак1алда нижеца гьабулеб жоялъулги дуца бицунге. Гьедин сих1къот1ун мун ч1ч1еч1они, нижеца мун росулъа къват1иве гьезе вуго» - абун.

قَالَ هَٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِىٓ إِن كُنتُمْ فَٰعِلِينَ ﴿٧١﴾

**71. Лут1 аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Нужее нужер шагьват т1убазе къвариг1ун батани, гьале гьал руччаби раче**.

Ва гьезулгун цадахъ рос-лъадилъи гьабун хьваде гьеб къабих1аб пиша гьабун бихьиназда нахъе лъугьинги жибго те» - абун.

لَعَمْرُكَ إِنَّهُمْ لَفِى سَكْرَتِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿٧٢﴾

**72. Т1адег1анав Аллагьас гьедун абулеб буго: «Дур ч1аголъиялх1аги, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**! Гьеб къавм жидер ах1макълъиялъ мехтизабун бук1ана,**

**жидер къосиналъул г1орхъи гьеч1еб бук1ана.**
Гьел гьалаг гьарич1ого тезе бегьулеб х1алги бук1инч1о.
Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цох1о напс бижич1о ва гьеб г1аламалда загьирги гьабич1о Мух1аммадг1ан صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ хирияб ва къадру к1удияб. Гьев Мух1аммадил صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ ч1аголъиялдалъун гурони цоги чиясул ч1аголъиялдалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьа гьедунги раг1ич1о» - абун.

**73. Цинги гьеб Лут1ил къавм бакъ баккулеб г1ужалъ жал гьалаг гьарулеб г1азаблъун** فَأَخَذَتۡهُمُ ٱلصَّيۡحَةُ مُشۡرِقِينَ ٧٣
**бугеб гучаб гьаракьалъ ккуна:** жал ругеб бак1алдаса рагъаризе к1веч1ого ц1орон хут1ана, г1азаб гьабиялъул г1аламат жидее загьирлъараб мехалъ.

**74. Дица гьезул росабазул т1асияб рахъ гьоркьияб рахълъун гьабуна.** فَجَعَلۡنَا عَٰلِيَهَا سَافِلَهَا وَأَمۡطَرۡنَا عَلَيۡهِمۡ حِجَارَةٗ مِّن سِجِّيلٍ ٧٤
Ракьгун цадахъ зобалазде рорхун, цинги к1алагъоркье сверизарун г1одоре рортизе риччана гьел росаби. **Щивав чиясда жужах1алда жаниса жиндие хас гьабураб гамач1ги реч1ч1ана.** Ц1акъ бух1араб, гьев чиги ворлъун жиб ракьулъе унеб гамач1 бук1ана гьеб.

**75. Х1акълъунго гьаб Лут1ил къавмалъул къиссаялъулъ Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулел аятал ва г1аламатал руго жидеда жо бич1ч1улел г1адамазе.** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّلۡمُتَوَسِّمِينَ ٧٥
Цо жо цогидалда борцине лъалел, пикру гьабулел, г1акълo бит1арал г1адамазе.

**76. Х1акълъунго Лут1ил къавмалъул росаби рук1араб бак1 нуж сапаралде хьвадулеб нухда буго ва жеги гьезул асарги т1аг1ун гьеч1о.** وَإِنَّهَا لَبِسَبِيلٖ مُّقِيمٍ ٧٦
Гьедин бук1адгоги нужеца пикру гьабулеб гьеч1о ва ваг1за босулеб гьеч1о.

**77. Х1акълъунго Лут1ил** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **къавмалъул къиссаялъулъ ва гьезул росаби рук1араб бак1 бихьиялъулъ муъминзабазе г1ибрат буго ва гьез гьелдаса пайдаги босула:** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ иман ва рокьи ц1ик1к1уна, гьесул ццим бахъиялдасаги х1инкъула. إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّلۡمُؤۡمِنِينَ ٧٧

**78. Рохь г1емераб ракьалда бук1араб Шуг1айбил къавмги бук1ана жидерго** وَإِن كَانَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡأَيۡكَةِ لَظَٰلِمِينَ ٧٨

**напсазе ва цогидал г1адамазе зулму гьабулел.**

Гьел рук1ана г1адамал хьвадулел нухазда ч1ун гьезие зулму гьабулел: гьел къварид гьарун, рухун, махсароде ккун, гьезухъан къайи-ц1а бахъун. Гьединго гьезул квешаб г1амал бук1ана ц1адиро-къалиялъулъ хиянат гьаби.

**79. Дица гьеб къавмалдасаги ццим босана ва гьел гьалаг гьаруна.** فَٱنتَقَمۡنَا مِنۡهُمۡ وَإِنَّهُمَا لَبِإِمَامٖ مُّبِينٖ ٧٩

Тафсиралъул г1алимзабаца абуна: гьезие бакъул бух1и ц1ик1к1инабуна анкьго къоялъ т1ат1алаго, х1ухьел ц1азе к1олареллъун лъугьун гьел хвеялда г1агарлъизег1ан. Цинги зодисан цо бец1аб, ч1ег1ераб нак1к1 баккана ва гьелъ ракьги бец1лъизабуна. Гьеб къавм киналго цадахъ гьеб нак1к1алде гъоркье руссана жидеца раг1ад ва гьогьен т1алаб гьабун. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб нак1к1улъан жидеда т1аде ц1а ва квешаб гьаракь биччана, цадахъго ракьги багъарана ва цох1о лах1заталъ гьел киналго гьалаглъана.

**Х1акълъунго гьав Шуг1айбил къавмалъул ва Лут1ил къавмалъул росаби нуж хьвадулеб нухда ратулелги рук1адго, нужеца гьелъул пикру кин гьабулареб, я гьал Маккаялъул мушрикал!**

Ссалих1 аварагасул عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ къавм: х1ижруялъул бет1ергьабаца авараг гьереси гьави бицун т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

**80. Х1акълъунго х1ижруялъул бет1ергьабацаги гьереси гьаруна жидехъе рач1арал аварагзаби.** وَلَقَدۡ كَذَّبَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡحِجۡرِ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ٨٠

Гьаб буго Ссалих1 аварагасул عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ къавм. Жидеца цо авараг гьереси гьавураб мехалъ гьел рук1уна жидеца киналго аварагзаби гьереси гьарурал г1адин. Киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ цох1о динги босун, цох1о Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рит1арал ругелъул, цо аварагасда инкар гьаби Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ инкар гьаби бук1уна, гьебгун цадахъ, цогидал аварагзабаздаги, ахираталдаги инкар гьаби бук1уна.

**81. Дица гьеб къавмалда дир муг1жизаталги рит1ана.** وَءَاتَيۡنَٰهُمۡ ءَايَٰتِنَا فَكَانُواْ عَنۡهَا مُعۡرِضِينَ ٨١

Кьурулъан къват1ибе къинаб варани бач1ана балагьун г1адамалгун. **Гьел муг1жизатазул жидее ваг1за ва г1ибрат лъугьинч1о ва гьел гьездаса руссана.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: «Ссалих1ил варанияльул г1емер муг1жизатал рук1ана: кьурулъан къват1ибе бач1ин, т1инч1 гьабизе мех щвараб бук1ин, жиндир къаркъала ц1акъ к1удияб бук1ин, жиндир рахь г1емераб бук1ин. Гьеб варани беч1ч1араб рахь

киназего гьекъезе г1олеб бук1ана. Гьел муг1жизатазул жидеца пикру гьабич1о ва гьелдалъун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналда, гьесие лагълъи гьабизе т1адаб бук1иналда далил бачинч1о»-абун.

**82. Жидеца кьураби рик1ун гьенир жанир рукъзалги гьарун, гьел рукъзабахъ рук1ун жидеда щибго къварилъи-зарал щвеларо абун божун рук1ана.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азабги щвеларо жидеда абун рук1ана.

وَكَانُواْ يَنۡحِتُونَ مِنَ ٱلۡجِبَالِ بُيُوتًا ءَامِنِينَ ﴿٨٢﴾

**83. Гьел гучаб гьаракьлъун бугеб г1азабалъ ккуна рогьалил г1ужалъ.**

فَأَخَذَتۡهُمُ ٱلصَّيۡحَةُ مُصۡبِحِينَ ﴿٨٣﴾

**84. Гьезие г1ей гьабич1о ва щибго кумек гьабич1о жидеца кьураби рик1ун гьарурал рукъзабаз.**

فَمَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ﴿٨٤﴾

Гьадинаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къуват ва гуч. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ цо амру гьабизе бокьараб мехалъ гьеб нахъч1валеб кинабг1аги къуват бук1унаро, живго Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ г1ажизлъуларо щибго жо гьабизе.

**85. Дица зобалги ракьалги рижинч1о ва гьеб к1иялдаго гьоркьоб ва жаниб бугеб жоги бижинч1о х1акъаб жо гьабулевлъун вук1ун гурони.**

وَمَا خَلَقۡنَا ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَآ إِلَّا بِٱلۡحَقِّۗ وَإِنَّ ٱلسَّاعَةَ لَأٓتِيَةٞۖ فَٱصۡفَحِ ٱلصَّفۡحَ ٱلۡجَمِيلَ ﴿٨٥﴾

Г1ададаго бижинч1о, жинда жаниб х1икмат бук1ун бижана. **Къиямасеб къоги жиб бач1ин х1акъаб жо буго.** Гьеб мехалъ кинабго халкъалъул х1исаб-мизанги гьабизе буго. **Мун гьеб капураб къавмалдаса вусса, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, берцинаб вуссиналъ.** Гьел ах1макъал г1адамазда релълъун вук1унге ва гьездехун х1алимлъи ва х1еренлъи гьабе, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру бач1инег1ан. Гьеб амру гьижра гьабун хадуб бач1ана: рагъул аяталги рещт1инарун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тушбаби хвалченалдалъун мук1ур гьаруна.

Ибнухат1ибица абуна: «Мун гьел мушриказдаса вуссун ч1а, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, ва гьезул рек1елъ мун рихулеб асар хут1улареб х1алалъ тамахго, х1еренго гьездасан ват1алъе. Т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезда авараг вит1ана, Къуръанги рещт1инабуна, цогиги х1ужаби, далилал ва муг1жизатал рихьизаруна. Гьез пикру гьабизе, гьезда жо бич1ч1изе ва иман лъезе мех щвана. Иман лъолел ва жидее т1орит1ел щварал г1адамаца иман лъуна ва гьел дур асх1абзабилъун лъугьана.

Гьанже хут1арал г1адамал руго черхалда т1ад бугеб г1узруяб, унтараб лагаялда релълъарал г1адамал. Гьеб лага нахъе къот1ун гурони

черхалда сахлъи ва рах1ат бук1унареб, жиб къот1ун нахъе рехи гуреб гьеб лагаялъе сабабги бук1унареб. Гьел мушриказе гьабизе кколеб дару бицун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аятги рещт1инабуна: «Нужеца гьел мушрикал ккве ва нужеца гьел ч1вай кир гьел нужеда данде кканиги» - абун. (Нисаъ 91 аят).

**86. Х1акълъунго дур Бет1аргьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго, Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, жинда кинабго жо лъалев ва кинабго жо жинца бижулев.**

إِنَّ رَبَّكَ هُوَ ٱلْخَلَّٰقُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٨٦﴾

**87. Х1акълъунго Дица духъе кьуна, Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, жал такрар гьарулел,** г1емераб ц1алулеб **анкьго аят.**

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَٰكَ سَبْعًا مِّنَ ٱلْمَثَانِي وَٱلْقُرْءَانَ ٱلْعَظِيمَ ﴿٨٧﴾

Гьеб буго какилъ ц1алулеб алх1ам. Щибаб как балев чияс ц1алулеб, щибаб какилъ жиб такрарлъулеб ва жинда жаниб г1емер маг1наги бугеб. **Къадру-къимат к1удияб Къуръанги кьуна:** жинда жаниб киналго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рещт1инарурал т1ахьазул х1укму ва маг1на бугеб. Цоги тафсир гьабуна: анкьго халатаб сурат рещт1инабуна, жидеда жаниб киналго шарг1иял ах1камал, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналъул далилал ва цогидабги жо такрар гьабун, баян гьабун бугел абун.

**88. Мун валагьуге, Мух1аммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, ва дуда берцин бихьуге гьел капурзабазул бат1и-бат1иял къокъабазе (ягьудиял, насраниял, мажусиял, мушрикал) кьун бугеб бечелъиялда.**

لَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلَىٰ مَا مَتَّعْنَا بِهِۦٓ أَزْوَٰجًا مِّنْهُمْ وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَٱخْفِضْ جَنَاحَكَ لِلْمُؤْمِنِينَ ﴿٨٨﴾

Гьеб буго хехго т1аса унеб ва паналъулеб дунялалъул бечелъи. Дица дуе кьураб жо ц1акъ к1удияб буго: мун авараглъун гьавиялда ва дуда Къуръан рещт1инабиялда бащалъулеб ниг1мат бук1унаро.

**Гьеб куфру-ширкалъул агьлуялъ иман лъеч1ого абун ва гьел дуда нахърилълъинч1ого абун дуца рак1ги къварид гьабуге.** Дуда т1адаб жо буго гьезухье рисалат щвезаби, гьезда иман лъезабизе дуда т1ад гьеч1о, гьеб дур ихтиярaлдаги гьеч1о. **Дуца дур гурх1ел-рах1муялъул кваркьи т1аде бache муъминзабазда.** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ иман лъун, дуда нахърилълъун ругел мискинал, пакъирал муъминзабазе кумек ва квербакъи гьабе, гьезие х1алимлъе.

Кинабго халкъалъул бищунго хирияв Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ аварагасда т1адег1анав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амру гьабулеб буго муъминзабазда гурх1а ва гьезие х1алимлъун х1елун, вук1а абун. Киг1ан къадру к1удияв муъминчи вугониги авараг гьесдаса хирияв ва т1ок1ав вуго. Гьадинав

аварагасда амру гъабураб мехалъ живгун цадахъ ругел муъминзабазе х1елун, х1алимлъун, вук1а абун, нилъер х1ал щибха бугеб, я бусурбаби!

Нилълъ ч1ух1улел руго нилъедаса къадру бугесдасаги. Нилълъ т1адег1анлъулел руго нилъедаса г1елму-г1акълу г1емерасдаса, вараг1, дин ва такъва бугездасаги. Кинабго жоялъул борцунеб х1ал хисун буго ва динар-гъурущ гурони жинда жо борцунеблъун рик1к1унеб гьеч1о. Гьеб боц1и-мал г1емерасе г1адамал х1елулел руго. Жидее х1елизе т1адал муъминзаби х1акъир гьарулел руго.

Нужеда бич1ч1а, вацал, инсанасул къадро борцунеб бак1 дин ва Аллагьасдаса ﷻ х1инкъи буго. Т1адег1анав Аллагьасда аск1ов хирияв чи нилъеда аск1овги хирияв вук1ине ккола. Аллагьас ﷻ абун буго: «Бищунго нужедаса дида аск1ов хирияв; Бищунго дидаса х1инкъарав чи вуго» - абун. Суратул х1ужурат (13). Бечедав чи вуго абун гьеч1о, къуватав, берцинав, насаб лъик1ав вуго абун гьеч1о.

Муъминзаби цоцазе рокьич1они Аллагьасул ﷻ динги заг1иплъула, диналъул тущбабиги роххула ва гьезул гучги ц1ик1к1уна. Аллагьас ﷻ ва гьесул расулас ﷺ тущманлъи гьабе ва рагъ бай абун амру гьабурал Аллагьасул ﷻ тущбабазда гьудуллъиги гьабун, Аллагьас ﷻ гьудуллъи гьабе ва к1одо гьаре абурал муъминзаби г1одорег1ан гьарурав чи жиндир талих1 къарав чи вуго.

Аллагьас ﷻ кант1и ва бич1ч1и кьеги киналго бусурбабазе!

**89. Дуца абе, Мух1аммад ﷺ, х1акълъунго дун вуго Аллагьасул ﷻ г1азабалдалъун х1инкъи кьолев расул.** وَقُلۡ إِنِّيٓ أَنَا ٱلنَّذِيرُ ٱلۡمُبِينُ ٨٩

Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьабун хьвадич1ел г1адамазе жужах1алъул г1азаб бук1ине буго абун.

**90. Дица дуда Къуръан рещт1инабуна, Мух1аммад ﷺ, дудаса цере рук1арал, жидеца дин бикьизабун хвезабурал ягьудиязда ва насраниязда т1ехь рещт1инабун бук1араб г1адин.** كَمَآ أَنزَلۡنَا عَلَى ٱلۡمُقۡتَسِمِينَ ٩٠

Гьез жидеда рещт1ине гьабураб Инжил ва Тврат хисизабуна. Жидее бокьараб х1укму гьезда жаниб тана, бокьич1еб х1укму нахъе рехана, гьелъул бак1алда жидее данде кколеб жо лъуна.

**91. Гьел китабиял руго жидеца гьаб хирияб Къуръанги бикь-бикьизе гьабулел.** ٱلَّذِينَ جَعَلُواْ ٱلۡقُرۡءَانَ عِضِينَ ٩١

Гьез Къуръаналъул цо х1укмуялда иман лъолеб буго, цогидаб х1укмуялда инкар кколеб буго. Гьединго жидеца абулеб буго: «гьеб

Къуръан Аллагьасул свалат салм лъевя Мух1аммадица жинцаго ургъараб жо буго, гьеб сих1ру буго, шиг1ру буго, ццересел г1адамазул гьересиял къиссаби руго» – абунги.

**92.93. Дур Бичасх1аги, Мух1аммад ﷺ, дица гьел киназдаго ц1акъ гьикъизе буго гьаб жидеца гьабураб г1амалалдаса.** فَوَرَبِّكَ لَنَسْـَٔلَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٩٢﴾ عَمَّا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾

Гьединго кинабго халкъалъул х1исаб-мизан гьабун гьезул г1амалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**94. Дуца Аллагьасул ﷻ рисалат щвезабе, Мух1аммад ﷺ, гьеб амру т1убаялъулъ дуца ях1 бахъе ва мун мушрикаца бицунеб жоялъ нахъч1ваге дуда гьабураб амру т1убазе.** فَٱصْدَعْ بِمَا تُؤْمَرُ وَأَعْرِضْ عَنِ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٩٤﴾

**95. Х1акълъунго дун вуго дуе г1ей гьабулев ва квербакъулев дуда т1ад релъунхъулел къурайшиязул ханзаби гьалаг гьаризе.** إِنَّا كَفَيْنَـٰكَ ٱلْمُسْتَهْزِءِينَ ﴿٩٥﴾

**96. Жидеца Аллагьасда ﷻ ширк гьабун, гьесда цадахъ цоги алагьзаби ч1ч1езарулел мушриказда нахъа лъазе буго кинаб балагь жидеда щолеб гьаб дунялалдаго ва хадуб ахираталдаги.** ٱلَّذِينَ يَجْعَلُونَ مَعَ ٱللَّهِ إِلَـٰهًا ءَاخَرَ ۚ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٩٦﴾

Къурайшиязул щуго к1удияв мушрик вук1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде кколел, гьесда т1ад релъанхъулел ва гьесда нахъаса кверал тункулел, зинк1улел. Аллагьас ﷻ Жабраил عليه السلام малаик вит1ун гьезда зинк1ана ва жидеда ругънал лъугьун гьел хвана. Гьезул х1акъалъулъ рещт1араб буго гьаб 95 –96 аят.

**97. Х1акълъунго Дида лъала, Мух1аммад ﷺ, дуе зах1малъулеб бук1ин ва дур керен къварид гьабулеб бук1ин гьел мушрикаца дуда абулеб жоялдалъун.** وَلَقَدْ نَعْلَمُ أَنَّكَ يَضِيقُ صَدْرُكَ بِمَا يَقُولُونَ ﴿٩٧﴾

**98.** Мун гьезул пишаялъ ва гьезул раг1абаз дуда т1ад къараб рисалат щвезабизе нахъч1ваге Дуе гьезул рахъалъан бугеб зарал ва къварилъи зах1малъараб мехалъ, **дуца Аллагьасе ﷻ тасбих1 г1емер гьабе, гьесие реццги гьабе ва мун муъминзабигун цадахъ как базе вахъун ч1а.** فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَكُن مِّنَ ٱلسَّـٰجِدِينَ ﴿٩٨﴾

**99. Ва дуда т1ад къараб х1алалъ Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабе ва гьесул** وَٱعْبُدْ رَبَّكَ حَتَّىٰ يَأْتِيَكَ ٱلْيَقِينُ ﴿٩٩﴾

**рисалат т1убит1е, дур г1ажал лъугьун дуда хвел т1аде щвезег1ан.** Гьаб аяталдаса далил босана инсанасда паризаяб г1ибадатал т1урит1изе т1адаб бук1ин жиндилъ г1акълуги рух1ги бугебг1ан мехалъ.

Гьедин бук1иналда т1орит1ел гьабулеб буго жинда Аллагь разилъаяв Г1имран ибну Х1уссайнидаса бицараб х1адис: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Дуца как бай вахъун ч1ун, гьедин х1ал к1веч1они г1одовч1ун бай, гьединги к1веч1они вегунги бай»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицан.

Гьаб «Духъе якъин бач1инег1ан» абураб раг1иялдаса цо къавмалъ маг1на босана: «Дуда якъинго Аллагь ﷻ лъазег1ан» - абун. Цинги жидеца лагъасдаса Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабиги т1аса рехана. Гьал г1адамал руго жал къосарал ва жидеца цогидалги къосинарулел. Аллагьас ﷻ гьеб къавмалдаса нилъ ц1унаги.

Аллагьасул ﷻ квербакъиялдалъун Суратул Х1ижриялъул тафсир ва таржама хъван т1убана

Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

## 16. Сурату Ннах1ль

سُورَةُ النَّحْلِ

*Маккаялда рещт1инабураб, жинда жаниб нусиялда къоло микьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жанибги аслияб бак1 кколеб буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин ч1ч1езабулел далилал рициналъ, гьев жиндие г1ибадат гьабизе х1акъав Бет1ергьан вук1инги ч1ч1езабулеб буго. Аварагзаби рит1и, ахират бук1ин, х1исаб-мизан, алжан-жужах1 бук1инги баян гьабулеб буго.*

*Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулел далилал рачун зобал-ракьал, г1орал, муг1рул, ралъадазул бицун буго. Зодисан рещт1унеб ц1адалъул, ракьалдасан бижулеб хур-хералъул бицун буго. Зодир хьвадулел ц1вабзазул, ралъдада хьвадулел гумузул бицун буго: гьел киналго далилалги руго инсанасул х1авасаздалъун (жо лъалел лугби: бер, г1ин ва цогидалги) жал лъалел ва жиделъ пикру гьабун гьезул Бет1ергьан вук1иналда т1орит1ел гьабулел.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда вах1ю рещт1ине байбихьараб мехалъ маккаялъул мушриказ гьев махсароде гьавиялъул бицен гьабун буго. Къиямасеб къоялде инкар кквеялъул, г1азаб хех бачун вач1а абун аварагасда т1ад релъанхъиялъулги бицун буго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул к1удиял ва г1емерал ниг1матазда инкар ккурал г1адамазул ахир кин кколеб бицун, гьедин инкар кколел чаг1азе х1инкъи кьолеб буго. Сураталъул ахиралдаги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда амру гьабулеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде халкъ ах1е абун берцинаб хабаралдалъун ва х1икматалдалъун: г1елмиял далилал рачун ва мисалал рачун.*

*Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ халкъ ах1улаго щвараб къварилъиялде сабру гьабеян ва г1адамаздаса т1аса лъугьун, гьезда гурх1ел гьабеян амру гьабулеб буго хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. Сураталда ц1ар тун буго «Наялъул сурат» абун, гьаб сураталда жаниб гьеб г1ажаибаб рух1ч1аголъиялъул бицен гьабулеб бук1иналъ. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялда, гьесул г1елму-къудраталда т1орит1ел гьабулел г1емерал х1икматал руго гьеб гьит1инаб наялъул г1амалалде балагьарав чиясе.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурхlулев, гурхlел гlамав Аллагьасул цlаралдалъун.***

أَتَىٰٓ أَمۡرُ ٱللَّهِ فَلَا تَسۡتَعۡجِلُوهُۚ سُبۡحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ١

1. **Аллагьасул ﷻ амру бачlана ва нужеца гьеб хех бачlин тlалаб гьабуге!**
Гьаб аят рещтlинабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв Ибнуглаббасица абуна: Тlадегlанав Аллагьас «Къиямасеб къо гlагарлъана» - абураб аят рещтlинабураб мехалъ, капурзабаца цояз цояздехун абуна: «Гьав Мухlаммадица абулеб буго къиямасеб къо гlагарлъун бугин абун, нилъеца нилъер хlалтlи-пиша тун лъикl щибдай гьес бицараб хабаралъул хlасил лъугьина абун».
Дагьаб замана араб мехалъ гьел капурзабаца абуна: «Я Мухlаммад! Гьаб дуца къотlи гьабураб, нижее жиндалъун хlинкъи кьураб жо нижеда бачlунеб гьечlо гурищ?» - абун. Цинги Тlадегlанав Аллагьас гьаб аят рещтlине гьабуна: «Аллагьасул амру бачlана» - ян абиялъул магlна буго жиб бачlин хlакъаб жо гьеб букlиналъ бачlана абуна, ай гьеб къиямасеб къо бачlине букlин ва Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гlадамазе гьениб гlазаб гьабизе букlин хlакъаб жо буго.
Нужеца гьеб хех бачlин тlалаб гьабичlого Аллагьасда ﷻ иман лъезе хехлъи гьабе ва лъикlаб гlамал гьабиялдеги гlедегlе. **Гьев Аллагь жив Вацlцlадав ва Тlадегlанав вуго мушриказ жиндехун ширк гьабулел алагьзабаздаса.** Ва гьесие гьарулел жиндир заталда рекъоларел сипатаздасаги.

يُنَزِّلُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةَ بِٱلرُّوحِ مِنۡ أَمۡرِهِۦ عَلَىٰ مَن يَشَآءُ مِنۡ عِبَادِهِۦٓ أَنۡ أَنذِرُوٓاْ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنَا۠ فَٱتَّقُونِ ٢

2. **Аллагьас ﷻ малаикзаби рещтlинарула жиндир вахlюялдалъун лагъзадеридаса авараглъиялъе тlаса вищарав чиясда. Гьев аварагасда амруги гьабула дуца куфру-ширкалъул агьлуялъе хlинкъи кье абун жиндие гlибадат гьабизе хlакъав Бетlергьан цохlо Аллагь гурони гьечlин, нуж хlинкъа гьев Аллагьасде ﷻ гlасилъизе,** гьесул ццим бахъин ва гlазаб нужеде щвечlого букlине»-абун.

خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ بِٱلۡحَقِّۚ تَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ٣

3. **Тlадегlанав Аллагьас зобал-ракьал рижана хlакъаб жоялдалъун.**
Жиндир хlикматалдалъун, жинда жаниб маслихlат букlун ва хlакъаб жо гьабулевлъун вукlун бижана Аллагьас ﷻ гьаб махлукъат, ай гlадада гьечlеб.
**Гьев Аллагь ﷻ вацlцlадав ва тlадегlанав вуго жиндехун**

**г1ахьаллъи гьабулеб щибго жо бук1иналдаса.** Мушриказ жиндие лагълъи гьабулелл хъанчал ва алагьзаби бат1улал жал руго, гьезие лагълъи гьабулел мушрикалги ах1макъал г1адамал руго.

**4. Т1адег1анав Аллагьас инсан вижана манидал къат1раялдаса. Гьедин бугониги гьев инсан дида данде къацандулев вуго.**

خَلَقَ ٱلۡإِنسَٰنَ مِن نُّطۡفَةٖ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٞ مُّبِينٞ ٤

Дидехун г1амал к1одолъи гьабун, дида мут1иг1лъич1ого дир ниг1матазда инкар ккун хьвадулев вуго. Дица гьев вижун вуго дие г1ибадат гьабизе абун, гьес г1ибадат гьабулеб буго хъанчазе.

Гьев инсанас пикру кин гьабулареб жив сундаса вижарав, жив вижарасда хун хадуб т1аде вахъине гьавизе к1олеблъиялдаги кин гьев кант1уларев?. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъарасе дунялалдаго г1азаб гьабизе к1олеблъиги, ахираталда г1азаб гьаби х1акъаб бук1нги щай инсанасда лъалареб? Т1адег1анав Аллагьас алжанги жужах1ги бижун буго ва гьеб к1иялъего агьлуги бижун буго, гьеб к1иго рукъ гуреб цоги рукъ ахираталдаги гьеч1о Инсанасда кин бич1улареб гьаб амру ва гьесда кин к1олеб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъизе!

**5. Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее х1айваналги рижана.**

وَٱلۡأَنۡعَٰمَ خَلَقَهَاۖ لَكُمۡ فِيهَا دِفۡءٞ وَمَنَٰفِعُ وَمِنۡهَا تَأۡكُلُونَ ٥

Варанаби, г1ачи, г1иял ва цогидаб рух1ч1аголъи бижана, инсанас жиб рокъоб хьихьулеб. **Гьеб боц1удаса нужее буго нуж квачалдаса ц1унулеб жо.** Квасул, х1улидал босен-рет1ел гьабула, ц1аказул чадрал гьарула. **Цогиги г1емер мунпаг1атал руго нужее гьеб боц1удаса.** Нуж т1ад рек1уна, нужер къайи баччуна. **Гьан, рахь, нах, х1ан ва цогидабги кваналеб жоги буго нужее гьел х1айваназдаса.**

**6. Гьеб боц1и радал рокъосан къват1иб унеб мехалъ ва къаси рокъоб бач1унеб мехалъ нужее гьезда балагьун рек1елгъей буго ва бер боххиги буго.**

وَلَكُمۡ فِيهَا جَمَالٌ حِينَ تُرِيحُونَ وَحِينَ تَسۡرَحُونَ ٦

Боц1иги лъимал-хъизанги дунялалъул берцинлъи бугелъул, гьелда рек1елгъей гьабиги дунялалъул ч1аголъиялдаса бугеб жо буго. Гьелда рек1елгъей гьеч1ев чиясул боц1и-мал бук1ин надираб жо буго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ т1овит1арав ва гьес жинда г1агар гьавурав чи вук1уна гьеб боц1и-мал, хъизан-лъимал бугониги гьелда рек1елгъей гьеч1ев, гьеб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ризилъиялъул нухда х1алт1изаби гуреб цоги гьелдаса мурад гьеч1ев. Гьединав чиясе киг1ан г1емер бечелъи бугониги гьеб

ахираталда хазиналъун батулеб бук1уна. Гьединал рук1ана хириял асх1абзаби Абубакр, Г1усман ва цогидалги: жидеца Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло кинабго бечелъи къурал, гъазават гьабизе боял г1уц1арал.

вَتَحۡمِلُ أَثۡقَالَكُمۡ إِلَىٰ بَلَدٖ لَّمۡ تَكُونُواْ بَٰلِغِيهِ إِلَّا بِشِقِّ ٱلۡأَنفُسِۚ إِنَّ رَبَّكُمۡ لَرَءُوفٞ رَّحِيمٞ ٧

**7. Гьел х1айваназ нужер къайиматах1 боччула рик1к1адал ракьазде. Гьел рук1ич1елани нуж гьенире ине рук1инч1о ва нужеда гьеб къайи баччизе к1везе бук1ич1о, ц1акъ г1емер къварилъи бихьун гурони. Х1акълъунго нужер Бет1ергьан Аллагь ﷻ жив ц1акъ гурх1улев вуго ва нужее лъик1лъи бокьулев вуго.**

وَٱلۡخَيۡلَ وَٱلۡبِغَالَ وَٱلۡحَمِيرَ لِتَرۡكَبُوهَا وَزِينَةٗۚ وَيَخۡلُقُ مَا لَا تَعۡلَمُونَ ٨

**8. Гьединго Аллагьас ﷻ хьунулги рижана: чуял, г1орц1енал, х1амул. Нуж жидеда т1ад рек1ине ва нужее берцинлъиялъе рук1ине.**

Чуял ц1акъ берцинал, ч1ух1арал жал рук1уна. Гьел жиделъ баракат бугел х1айванал руго ва жидеда т1ад рек1ун гъазават гьабизе лебалал ва мустах1икъал руго. **Т1адег1анав Аллагьас нужеда жиб лъалареб цогиги г1емер бат1и бат1ияб жо бижула.** Щибаб заманаялъ, щибаб бак1алда инсанасул х1ажат бихьун бат1и бат1ияб жо бижула Аллагьас ﷻ.

Гьев Аллагьас бижараб буго инсан ургъун гьабураб гамаги, машинаги, самалётги, поездалги ва цогидаб кинабго жинда т1ад рек1ун ва къайи т1ад лъун жиндаса мунпаг1ат босулеб техника. Аллагьас ﷻ къураб г1акълоялдалъун гурони инсанас щибго жо гьабуларо: гьев инсанги, гьес гьабураб кинабго жоги Аллагьасул ﷻ махлукъат буго. Гьаб масъала ц1акъ бит1ун бич1изе ккола ва гьениб кинабг1аги щаклъи ккезеги бегьуларо.

Гьаб хирияб Къуръан рещт1инабулеб мехалъ бук1араб х1алалда рекъараб мац1 бук1уна Къуръаналъ бицунебги. Доб заманаялъул г1адамазул х1ал бицана Бет1ергьан Аллагьас ﷻ ва гьеб заманаялъго жинца ишараги гьабуна гьеб нужеда бихьулеб, лъалеб гуребги инсанасе манпаг1аталъе цоги бат1и-бат1ияб жо бижизе бук1иналда. Къуръан муг1жизат бук1иналда т1орит1ел гьабулеб х1ужа-далилалдаса цо мисал буго гьаб.

Гьединабго х1ужа буго Т1адег1анав Аллагьасул раг1и: «Гьал зобал ракьал инсанасе квегъана»-абураб. Г1акъло бугев чиясе цох1о гьаб аят г1ола киг1ан к1удияб г1елмияб цебет1ей, ц1ияб жо ургъи ва рагьи

лъугьаниги, гьеб жо Аллагьас ﷻ зобал ракьал инсанасе квегъун рук1иналъул г1аламат бук1иналда т1орит1ел гьабизе ва гьелдалъун жиндир иман жегиги камиллъизе. Гьединабго аят буго: «Нужер гьунар батани нуж зобал ракьазул г1орхъаби тун къват1ире рахъа»-абураб. Сурату Ррах1ман(33). Гьел г1орхъаби рахун къват1ире нуж унаро абун жинцаго инсанасда лъазеги гьабулеб буго.

Гьаб ц1акъ к1удияб муг1жизат бук1ин бич1улеб буго хасго гьаб «космосалъул век» абун ц1ар лъураб заманаялъ. Т1адег1анав Аллагьасул ﷻ калам гьереси гьабизе к1олеб бук1араб ани ц1акъ г1едег1ун гьереси гьабилаан капурзабаца гьеб. Амма гьел капурзаби мук1урлъун руго зобал ракьазул (вселенное) г1орхъи кодоб щоларо абун. Жиндир г1орхъи кодоб щолареб жоялдаса инсан къват1ив кин вахъулев! Г1акъло заг1ипал, жидер бер щолеб бак1алдацин г1елму щоларел г1адамаз инсан космосалда воржанин, моц1алда т1ад ваханин абураб раг1и буго гьелдалъун Аллагь ﷻ г1ажиз гьавизе, гьесул къуват-къудрат дагь гьабизе бокьун абулеб раг1и. Купру-ширкалъул агьлуялъ гьеб раг1иялдалъун жидерго ах1макълъи г1акъиллъилъун бихьизабизе далил бачуна.

Инсан космосалда ин т1адег1анав Аллагьас ﷻ жагьилал г1арабиязда къуръан рещт1инабулеб заманалъго бицун буго «зобал ракьал инсанасе квергъун руго» абураб раг1иялдалъун. Ва амма дол г1адамал жагьилал рук1аниги, жакъа г1адаб г1елму-лъай цебе т1ураб заманаялъ Аллагьасда ﷻ ва гьесул къудраталда инкар ккурал г1адамазул г1адалъ бараб бак1аб зар г1адаб раг1и буго «нуж зобал ракьазул г1орхъаби рахун къ1ват1ире унаро» абураб раг1и.

Субх1аналагь! Аллагь ﷻ Вац1адав ва Т1адег1анав вуго гьел инкар чаг1азул рак1алда кколел сипататздаса. Жиндир инсаният дунялалда бугебг1ан заманаялъ гьел г1ажиз гьарулеб муг1жизатлъун бугеб гьаб Къуръан жинца рещт1инабурав Г1алим ва Х1аким вуго Т1адег1анав Аллагь.

وَعَلَى ٱللَّهِ قَصۡدُ ٱلسَّبِيلِ وَمِنۡهَا جَآئِرٞۚ وَلَوۡ شَآءَ لَهَدَىٰكُمۡ أَجۡمَعِينَ ۝٩

**9. Т1адег1анав Аллагьасда буго жинца аварагзаби рит1ун, т1ахьал рещт1инарун, лагъзадерида бит1араб нух ва х1акъаб дин баян гьаби,** гьеб диналдалъун дов муъминав лагъ абадиял ниг1матазда щолеб. **Аллагьасул ﷻ нухаздаса буго х1акъаб жоялдаса гьет1арал ва хъущт1арал ягьудиял ва насраниял жиндаса хьвадулеб нухги.**

**Х1акъаб жо жидеда лъазего лъаларел мажусиял хьвадулеб нухги.** Мажусиял руго бакъалъе, ц1аялъе ва цоги щиб бугониги жоялъе лагълъи гьабулел г1адамал: Индиялда г1акаялъе лагълъи гьаби г1адаб, будда абураб жоялъе лагълъи гьаби г1адабги. **Аллагьасе** ﷻ **бокьарабани жинца нуж киналго т1орит1изе рук1ана х1акъаб диналда ва бит1араб нухда.** Киниги Аллагьас ﷻ инсан тун вуго жинцаго нух ва дин т1аса бищизе ихтияр бугевлъун. Жиндир г1амалалда рекъараб жазаъ ахираталда гьесие гьабизе къот1иги гьабун буго.

هُوَ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءٗۖ لَّكُم مِّنۡهُ شَرَابٞ وَمِنۡهُ شَجَرٞ فِيهِ تُسِيمُونَ ١٠

**10. Гьев Аллагь** ﷻ **вуго** жиндие лагълъи гьабизе х1акъав нужер Бет1ергьан, **жинца зобалаздасан ц1ад рещт1инабулев. Гьеб ц1адалдаса къеч хьвазабизе ва бух1и-баг1ари т1аса ине гьабизе лъин буго, гьелдалъун буго нужеца боц1и хьихьизе ва кьара гьабизе гъвет1, хер бижулеб.**

يُنۢبِتُ لَكُم بِهِ ٱلزَّرۡعَ وَٱلزَّيۡتُونَ وَٱلنَّخِيلَ وَٱلۡأَعۡنَٰبَ وَمِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ يَتَفَكَّرُونَ ١١

**11. Аллагьас** ﷻ **нужеца мунпаг1ат босизе гьеб ц1адалдалъун бижизабула хуриб хьалеб жо: ролъ, ц1оросороль ва цогидабги. Зайтуналъул чамастакил, ц1олбол ва цогидал пихъазул ахалги рижизарула. Х1акълъунго гьаб цебехун бицараб жоялъулъ х1ужа ва далил буго жидеца пикру гьабулел г1адамазе, гьезул Бет1ергьан Аллагь вук1иналда т1орит1ел гьабулел.**

Гьев цогояв вук1ин, кинабго жо жиндаса бугев ва жинда х1ажатав вук1иналдаги т1орит1ел гьабулел.

وَسَخَّرَ لَكُمُ ٱلَّيۡلَ وَٱلنَّهَارَ وَٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَۖ وَٱلنُّجُومُ مُسَخَّرَٰتُۢ بِأَمۡرِهِۦٓۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ١٢

**12. Т1адег1анав Аллагьас нужее квегъараллъун, нужеца жидедаса мунпаг1ат босулеллъун гьарун руго сордоги къоги, бакъги моц1ги. Зодор ругел ц1вабиги квегъарал руго Аллагьасул** ﷻ **амруялдалъун.** Даимго жидер нухазда хьвадулел руго ва инсанасе бец1аб сардилъ ракъдада ва ральдада нух лъазе, къибла лъазе сабаблъунги руго. **Х1акълъунго гьаб зобал-ракьал, бакъ-моц1, сордо-къо квегъун бук1иналъульги Аллагь** ﷻ **цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго жидер г1акъло**

**бугел гlадамазе.**

وَمَا ذَرَأَ لَكُمْ فِي ٱلْأَرْضِ مُخْتَلِفًا أَلْوَٰنُهُۥٓ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةً لِّقَوْمٍ يَذَّكَّرُونَ ﴿١٣﴾

**13. Гьаб ракьалда тlад Аллагьас ﷻ бижанщинаб жоялъулъги: жиндир кьер -мохъ батlияб,** сипат сурат батlияб, жинс, тlагlам батlияб, хlайванал ругониги, гъветl хер бугониги, магlданиял жал ругониги. **Хlакълъунго гьеб киналъулъгоги гlаламатал руго Аллагь ﷻ цо вукlиналда, гьев жиндир къуват-гуч, гlелму-лъай бергьарав вукlиналда, жидеца пикру гьабун, гlакъло хlалтlизабун, вагlза насихlат босулел гlадамазе.**

Тlадегlанав Аллагьас гьаб лъабго аятазда жаниб жиндир махлукъаталъул кlудиял гlаламатал рицана, инсан кантlизе бокьун гьел рехсарал махлукъатал: зоб, ракь, бакъ, моцl, гъветl, хер щибго жого гьечlого, жал рижулев чиго гьечlого рижарал гьечlолъиялда. Рижун хадубги гьезул тадбир гьабулев, гьел хьвадизарулев гьезул Бетlергьан вукlиналдаги кантlизе. Гьелдаги хадуб тlадегlанав Аллагьас тlоцебесеб аятალъул ахиралда абуна: гьеб махлукъаталъулъ Аллагь ﷻ цо вукlиналда тlоритlел гьабулеб гlаламат бугин жидеца пикру гьабулел гlадамезе-абун. Кlиабилеб аяталъул ахиралда абуна: жидер гlакъло бугел, жидеда жо бичlулел гlадамазе абун. Лъабабилеб аяталъул ахиралда абуна жидеца вагlза босулел гlадамазе абун.

Гьаб тартибалда гьаб лъабго жо: «Пикру гьаби, гlакъло букlин, вагlза боси», рехсеялъулъ Бетlергьанасул каламалъул пасихlлъи ва гlакъиллъи загьирлъулеб буго. Инсанасда цо щиб бугониги жо бихьараб мехалъ, яги рагlараб мехалъ гьев чиясе рекъараб букlуна гьелъул пикру гьабизе: гьаб жо щиб жо кколеб, гьалдаса мурад щиб, гьаб заралиябищ яги хайир бугебищ абун. Гьедин жинца пикру гьабуларев чи хlайваналдаса гlемер рикlкlад щун вукlунаро жиндир даража- макъамалъулъ.

Пикру гьабун хадубги чара гьечlеб жо букlуна гьеб жиндилъ пикру гьабураб жо жинда битlун лъазе ва битlун бичlчlизе. Гьединаб битlараб гlакълу-бичlчlи гьечlев чи кигlанго гlакъилавлъун жив вугониги ахlмакъав чи вуго: масала, гlезегlанго гlелму-лъай бугел гlадамал руго жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъечlел, жал ахираталда божуларел. Гьел гlадамазул гlелму ахlмакълъи буго. Жинца цо жоялъулъ пикруги гьабун, гьениб битlараб гlелму-гlакълоги хlалтlизабун, гьеб жо битlун бичlчlун ва лъан хадуб, гьелъул вагlза-насихlат лъугьунеб гьечlони, гьеб жинда лъараб жоялда гlамалги гьабулеб гьечlони, гьав чиясул кинабго гlелмуги, гlамалги гlадада

хвараб буго. Гьасда абула дунял ахираталда ч1ового хут1арав чи абун. Инсанасда т1адаб жо буго жинца пикру гьабун х1акъаб жо лъазабизе ва гьеб жинда лъараб жоялда г1амалги гьабизе.

وَهُوَ ٱلَّذِي سَخَّرَ ٱلۡبَحۡرَ لِتَأۡكُلُواْ مِنۡهُ
لَحۡمٗا طَرِيّٗا وَتَسۡتَخۡرِجُواْ مِنۡهُ حِلۡيَةٗ
تَلۡبَسُونَهَاۖ وَتَرَى ٱلۡفُلۡكَ مَوَاخِرَ فِيهِ
وَلِتَبۡتَغُواْ مِن فَضۡلِهِۦ وَلَعَلَّكُمۡ
تَشۡكُرُونَ ١٤

**14. Гьев Бет1ергьан Аллагь вуго** нуж рижарав, нуж хьихьулев ва нужеца г1ибадат гьабизе х1акъав, **жинца нужее ралъадал квегъарав, гьениса нужеца г1ат1гояб гьан кваназе,** ччуг1а ва цогидаб ралъдал х1айваналъул гьан кваназе. **Гьениса къимат бугел ганч1ал:** маржанал, жавгьарал, луълуал **рахъизе ва гьел нужее берцинлъилъун рук1ине:** курхьин, к1илик1 ва маххал гьаризе. **Гьеб ралъад хъвалхьун хьвадулел муг1рул г1адал ч1ах1иял гумиги рихьула нужеда.** Жидеца г1адамал раччулел, къайи-матах1 баччулел, ралъдалъан ччуг1а бахъулел. **Гьал ралъадал Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее квегъун руго нужеца гьелдалъун маг1ишат гьабизе квербакъи гьабизе ва Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ризкъиги т1алаб гьабизе. Гьеб кинабго жо Аллагьасул рахъалъан бугеб ниг1мат бук1ин лъан гьесие щукруги гьабизе.** Ва амма щукру гьабулел дагь руго, ниг1матаздаса лазат-кеп босулел, жидер Халикъ ва Разикъ к1очарал г1емер руго.

وَأَلۡقَىٰ فِي ٱلۡأَرۡضِ رَوَٰسِيَ أَن تَمِيدَ بِكُمۡ
وَأَنۡهَٰرٗا وَسُبُلٗا لَّعَلَّكُمۡ تَهۡتَدُونَ ١٥

**15. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьаб ракьул гьумералда т1ад муг1рулги гьаруна нужгун цадахъ ракь ч1ч1ун бук1ине, гьелъул гьет1и ва хьваг1и гьеч1ого бук1ине. Ва г1орал, нухалги гьаруна ракьалда т1ад, нуж нужее х1ажатаб бак1алде ине ва нужер мурад т1убазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв Саг1идица Къайс ибну Г1убадатидаса хабар бицана:

«Т1адег1анав Аллагьас ракь бижараб мехалъ гьеб хьвадулеб, багъарулеб бук1ана. Цинги малаикзабаца абуна гьаб жо гьеч1о жинда т1ад щивго чи ч1олеб ва жинда т1ад г1умру гьабулеб абун. Цингисалалъ жидеда ракь бихьидал гьелда т1ад муг1рул рихьана»-абун.

Абусаг1идица абуна: гьаб раг1иялъул маг1на буго Бет1ергьан Аллагьас зобал-ракьал рижулеб мехалъ ракь бижана гьаваялде рехараб торг1о (шар) г1адин гургинаб ва т1адагьаб. Т1адагьаб жо багъарулеб, гьет1арулеб бук1унелъул муг1рул, щобал, г1орал ралъадал гьарун, гьеб ракь гьабуна жинца цо бак1 кколеблъун ва жиб гьет1аруларебльун абун. Гьелдаса мурад гьеч1о ракьалъе багъариго гьеч1о абураб. Ракь

багъарула жиндир хасаб ва даимаб тартибалда. Жиндир х1осида (ось) сверун бахъула ракьалъ сверел сордо-къоялда жаниб цо нухалъ ва бакъалда сверунги бахъула свери лъаг1алида жаниб цо нухалъ.

**16. Нужее цогиги г1аламатал гьаруна ракьалда т1ад, нуж рик1к1адаб сапаралъ инеги гьениса т1адруссун рукъоре рач1инеги. Сардилъ сапаралда ругел г1адамал зодир ругел ц1вабзаздалъун жидер нухда рит1ун кколел руго.** وَعَلَٰمَٰتٖۚ وَبِٱلنَّجۡمِ هُمۡ يَهۡتَدُونَ ﴿١٦﴾

**17. Нужеца пикруго гьабуларищ, я гьал г1адамал: жинца кинабго махлукъат бижарав ва жиндие бокьараб жо бижизе к1олев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **релълъунищ рук1унел г1адамазул кверaз ганч1ил, ц1улал я цоги жоялъул гьарурал алагьзаби?** أَفَمَن يَخۡلُقُ كَمَن لَّا يَخۡلُقُۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿١٧﴾

Рук1унаро гьел Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ релълъун ва гьел алагьзабилъун ккверзеги бегьуларо. **Гьаб ишалъул пикру кин гьабулареб мушриказ ва жидее гьалъул ваг1заги щай лъугьулареб?**.

18. Гьединго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталде т1орит1ел гьабулеб далил буго нужее: **нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ниг1матал рик1к1ине, гьезие г1орхьи ч1вазе абун лъугьани, гьеб жо нужедаса бажаруларо.** وَإِن تَعُدُّواْ نِعۡمَةَ ٱللَّهِ لَا تُحۡصُوهَآۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَغَفُورٞ رَّحِيمٞ ﴿١٨﴾

Инсанас рик1к1унел, яги гьесул г1акълу-тадбир хадур гъолел гьеч1о Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ниг1матал. **Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца тавбу гьабуразул мунагьал чурулев, гьезул иманги къабул гьабулев, муъминзабазда дунялалдаги ахираталдаги жив гурх1улев.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нилъее ругел ниг1матазул бищунго к1удияб гьаб к1иго ниг1мат буго: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурх1улев вук1ин, тавбу къабул гьабун мунагьал чурулев вук1инги. Гьезда цебе бугеб к1удияб ниг1мат буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ иманалда ва исламалда т1орит1и. Аллагьас гьал ниг1матал нилъедаса т1аса росугеги ва гьал ниг1матазда щукру гьабиги ризкъилъун гьабеги.

Х1асанул Басрияс абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъее кьураб щибаб лага к1удияб ниг1мат буго. Инсанас гьеб Аллагьасул ниг1мат Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ г1асилъиялъе сабаблъун гьабулеб буго. Я нижер Аллагь! Дуца ниж гьаруге дур ниг1матаздалъун дуде г1асилъулездаса. Мун рехсолеб мац1 кье, Аллагь, нижее ва дуе х1елулеб рак1ги кье. Мун разилъулеб жоялъулъ гурони х1алт1изаруларел цогидал лугбиги кье, Аллагь, нижее. Ниж дуде г1ассилъиялдаса рик1к1ад гьаре ва дур ц1об-

рахӏматалдалъун дур ниглматазул алжаналдеги лъугьине гьаре-абун.

**19. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца балъго гьабулеб жоги, тӏатун, загьирго гьабулеб жоги.**

وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ مَا تُسِرُّونَ وَمَا تُعۡلِنُونَ ١٩

Нужер рекӏелъ бугеб иман лъала Аллагьасда, иман гьечӏел, загьиралда иман бугеллъун хьвадулел мунапикъзабиги лъала. Гӏадамазда бихьулеб бакӏалда нужеца гьабулеб гӏамал лъала, нужго ругеб бакӏалда нужеца гьабулеб гӏамалги лъала. Гьеб кинабго гӏамалалде данде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее жазаъ гьабизе буго.

**20. Мушрикаца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ живго тун жидее лагълъи гьабулел хъанчал ва алагьзаби руго жидеда щибго лъикӏлъи-квешлъи гьабизе кӏоларел, жидеца жо бижуларел, гӏадамазул квераз гьарурал ясикӏаби.**

وَٱلَّذِينَ يَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَا يَخۡلُقُونَ شَيۡـٔٗا وَهُمۡ يُخۡلَقُونَ ٢٠

**21. Хварал жал руго гьел, жиделъ рухӏ гьечӏел, гӏакълуги гьечӏел, бихьи, рагӏинги гьечӏел.**

أَمۡوَٰتٌ غَيۡرُ أَحۡيَآءٖۖ وَمَا يَشۡعُرُونَ أَيَّانَ يُبۡعَثُونَ ٢١

Гьединал хъанчазда я хайир, я зарал гьабизе кӏоларо. **Гьел хъанчазда лъаларо кидал къиямасеб къо бачӏунебги ва кидал тӏаде рахъинарулебги.** Гьадинал рухӏ гьечӏел, гӏакълу гьечӏел, гьецӏо-цӏулалъул гьарурал ясикӏабазе лагълъи гьабизе бегьилищ гӏакълу-лъайги бугел, бер-гӏинги бугел гӏадамаз?

Гьал ахӏмакъал гӏадамал кантӏизе бокьун тӏадегӏанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

**22. Нуж кинацаго жиндие гӏибадат гьабизе хӏакъав Аллагь цохӏо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони гьечӏо.**

إِلَٰهُكُمۡ إِلَٰهٞ وَٰحِدٞۚ فَٱلَّذِينَ لَا يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡأٓخِرَةِ قُلُوبُهُم مُّنكِرَةٞ وَهُم مُّسۡتَكۡبِرُونَ ٢٢

Гьесие гӏахьалчиги гьечӏо, гьесда ващадавги гьечӏо. **Жидеца** Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ва **ахираталде иман лъоларел гӏадамал,-гьезул ракӏал руго хӏакъаб жоялде инкар ккурал ва гьел чӏухӏунги руго жидеда динул ислам хӏакъаб дин букӏин лъаниги гьеб къабул гьабизе ва гьелда нахърилълъине.**

**23. Щибго щаклъи гьечӏеб жо буго хӏакълъунго тӏадегӏанав Аллагь жинда балъгоябги загьирабги жо лъалев вукӏин, ва гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цӏакъ рокьуларо хӏакъаб жо къабул гьабизе чӏухӏарал гӏадамал.**

لَا جَرَمَ أَنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعۡلِنُونَ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُسۡتَكۡبِرِينَ ٢٣

Аллагь ﷻ цо гьавизе, Мух1аммад ﷺ рит1ухъ гьавизе, Къуръаналда иман лъун гьелда нахърилълъине ч1ух1арал г1адамазе Аллагьасул ﷻ ццим бахъин ва г1азаб бук1ине буго.

وَإِذَا قِيلَ لَهُم مَّاذَآ أَنزَلَ رَبُّكُمۡ قَالُوٓاْ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٢٤

**24. Гьал инкарчаг1азда ва мушриказда гьикъараб мехалъ щиб жоха рещт1инабун бугеб нужер Бет1ергьанас Мух1аммадида абун, жидеца абулеб буго: гьеб жо Аллагьасул ﷻ калам гьеч1о, гьел руго ццересел умматазул бицунел гьересиял къиссаби абун.**

Г1алимзабаца абуна: Маккаялъул мушрикал жидедаго гьоркьоб къот1иги гьабун Маккаялде рач1унел нухал ккун ч1олел рук1ана ва гьез Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ине къасд гьабурал чаг1и нахъч1валел рук1ана. Х1еж гьабизе рач1унел г1адамаца гьикъараб мехалъ: «Щив чи вугев гьев Мух1аммад ва щиб жо бугеб гьесда рещт1инабун?»-абун, гьез абулеб бук1ана: «Гьес гьереси бицунеб буго, гьел цересел г1адамазго рицунел рук1арал маргьаби руго»-абун.

لِيَحۡمِلُوٓاْ أَوۡزَارَهُمۡ كَامِلَةٗ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ وَمِنۡ أَوۡزَارِ ٱلَّذِينَ يُضِلُّونَهُم بِغَيۡرِ عِلۡمٍۗ أَلَا سَآءَ مَا يَزِرُونَ ٢٥

**25. Жидеца гьеб бугьтан лъуна, къиямасеб къоялъ жидер мунагьазул гьирал раччун рук1ине, щибго жо т1аса нукъсан гьабич1ого ва жидеца къосинарурал г1адамазул мунагьазул гьиралги раччизе. Гьез гьел къосинарун ругелъул щибго г1илла-х1ужаги гьеч1ого.**

**Мун кант1е, я гьав инсан! Щ1акъ квешаб гьир буго гьел г1адамаца баччизе бугеб!** Цо чияс лъик1аб нух малъараб мехалъ, гьеб нухалъ хьвадарал г1адамазул кири гьев чиясеги бач1уна. Цо чияс квешаб нух лъураб мехалъ, гьеб нухалъ хьвадун квешлъи гьабуразул мунагьги гьесие бач1уна. Гьеб маг1на буго аяталъулги.

قَدۡ مَكَرَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ فَأَتَى ٱللَّهُ بُنۡيَٰنَهُم مِّنَ ٱلۡقَوَاعِدِ فَخَرَّ عَلَيۡهِمُ ٱلسَّقۡفُ مِن فَوۡقِهِمۡ وَأَتَىٰهُمُ ٱلۡعَذَابُ مِنۡ حَيۡثُ لَا يَشۡعُرُونَ ٢٦

**26. Гьаб дур къавмалда церехун рук1арал къавмазги макру гьабуна, Мух1аммад ﷺ, жидехъе рит1арал аварагзабазе. Аллагьас ﷻ гьел къавмазул минаби къуч1дасанго рахъана ва жидеда т1ад т1охалги рортизарун гьалаг гьаруна. Гьезухъе Аллагьасул ﷻ г1азабги бач1ана жидеда рак1алдаго бук1инч1еб рахъалдаса.**

Гьаб аяталъ бицунеб буго Аллагьасул ﷻ диналъул нухда ч1арал,

аварагзабазе макру ургъулел, муъминзабазе къварилъи гъабулел г1адамал Аллагьас ﷻ ц1акъ гьалаг гьаризе рук1иналъул ва Аллагьасул макру ва г1азаб гьезда гьукъизе ва нахъч1вазе к1олареб бук1иналъул.

ثُمَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ يُخْزِيهِمْ وَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَائِيَ الَّذِينَ كُنتُمْ تُشَاقُّونَ فِيهِمْ قَالَ الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ إِنَّ الْخِزْيَ الْيَوْمَ وَالسُّوءَ عَلَى الْكَافِرِينَ ﴿٢٧﴾

**27. Къиямасеб къоялъги Аллагьас ﷻ гьел г1адамал ц1акъ г1одорег1ан гьарула ва гьезда абула: «Кире арал нужер алагьазби, гьел к1одо гьарун нужеца аварагзабазда даг1ба балел рук1арал ва нужеца гьезие лагълъи гьабурал?» - абун. Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ах1улеллъун рук1арал г1алимзабаца ва имамзабаца абула: «Унго-унгояб г1азаб, г1одорег1анлъи ва инжилъи жакъа капурзабазе бугоха» - абун.**

Г1алимзабаца гьеб раг1и абула гьел капураб къавмалъул рак1 къварид гьабизе ва гьезул х1ал квеш гьабизе. Дунялалъул рукъор ругеб мехалъ гьел г1алимзабазухъ г1енеккун рук1инч1елъул, гьезул ваг1за-насихlат босич1ого гьезда т1ад релъанхъун рук1индал.

الَّذِينَ تَتَوَفَّاهُمُ الْمَلَائِكَةُ ظَالِمِي أَنفُسِهِمْ فَأَلْقَوُا السَّلَمَ مَا كُنَّا نَعْمَلُ مِن سُوءٍ بَلَىٰ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Малаикзабаца капурал г1адамазул рух1ал рахъулеб мехалъ, гьел кутакалда мут1иг1лъун ва х1елун рук1уна,** дунялалда бук1араб ч1ух1а-къулиги к1очон бук1уна. Жидеца гьереси бицинеги байбихьула: **«Нижеца щибго квешлъи гьабич1о, нижеца ширк гьабич1о»-абун.** Аллагьас ﷻ гьел гьереси гьарун гьездехун абула: **«Нужеца абухъе гьеч1о нуж руго Аллагьасда ﷻ г1асилъун рук1арал, гьанже нужеца гьересиги бицунеб буго»-абун. Х1акълъунго Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб бук1араб г1амал.**

فَادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا فَلَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ﴿٢٩﴾

**29. «Гьанже нуж лъугьа жужах1алъул рагьабахьан жанир, нуж даимго гьенир жанир рук1ине руго. Ц1акъ квешаб бак1 бугоха гьаб жужах1 Аллагьасде ﷻ иман лъезе ч1ух1ун хьвадараб халкъалъе» – абун.**

*وَقِيلَ لِلَّذِينَ اتَّقَوْا مَاذَا أَنزَلَ رَبُّكُمْ قَالُوا خَيْرًا لِّلَّذِينَ أَحْسَنُوا فِي هَٰذِهِ الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَلَدَارُ الْآخِرَةِ خَيْرٌ وَلَنِعْمَ دَارُ الْمُتَّقِينَ ﴿٣٠﴾

**30. Аллагьасул ﷻ г1азабалдаса х1инкъун, гьев разилъи т1алаб гьабун хьвадулел муъминзабазда гьикъараб мехалъ: «Щиб жо рещт1инабураб т1адег1анав Аллагьас жиндир**

**аварагасда» - абун, гьез абула: «Лъик1аб жо рещт1инабуна» - абун.** Г1алимзабаца абуна: х1еж гьабизе рач1унел г1адамаз аварагасдаса ва гьесда рещт1араб жоялдаса гьикъараб мехалъ мушриказ абулеб бук1ана: «Гьев гьереси чи вуго, гьес сих1ру гьабулеб буго, гьес маргьу бицунеб буго» - абун. Муъминзабазда гьеб жо гьикъараб мехалъ гьез абулеб бук1ана: «Гьев авараг вуго ﷺ, гьес бицунеб жоги бит1араб буго, гьесда рещт1инабураб жоги Къуръан буго, жинца х1акъаб диналде т1орит1улеб» - абун.

Гьал муъминзабазе бугеб жазаъ бицун т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Дунялалъул рукъоб лъик1аб г1амал гьабурал г1адамазе гьанибго лъик1аб жазаъ гьабизе буго. Ва амма ахираталда гьезие бугеб жазаъ ц1акъго к1удияб ва лъик1аб буго.** Гьаб дунял паналъулеб, т1аса унеб жо бугелъул, ахират т1аса унареб, абадияб рукъ бугелъул. **Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ х1инкъарал г1адамал ахираталда жанир ч1олеб рукъ ц1акъ лъик1аб рукъ бугоха.**

جَنَّٰتُ عَدۡنٖ يَدۡخُلُونَهَا تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُۖ لَهُمۡ فِيهَا مَا يَشَآءُونَۚ كَذَٰلِكَ يَجۡزِي ٱللَّهُ ٱلۡمُتَّقِينَ ٣١

**31. Даимго жидеда жанир рук1унел алжанал руго гьел. Гьенир муъминзаби лъугьуна. Гьезул рагъабазда гъоркьан ва ахазда жанисан г1оралги чвахулел рук1уна. Гьезие щиб жо бокьаниги бук1уна Алжаназда жаниб,** щибго г1акъуба бихьич1ого гьезул рак1алде ккараб жо жидеда аск1об лъун батула. **Гьадинаб лъик1аб жазаъ гьабула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, дунялалъул рукъор ругеб мехалъ ахират бук1иналда иман лъун, гьенир Аллагьасда ццере ч1ч1езе рук1ин лъан, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азабалдаса х1инкъун лъик1аб г1амал гьабун жал хьвадарал г1адамазе.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ парз т1убарал, аварагасул суннатги ккурал, амру-нагьюги гьабулел рук1арал г1адамазе.

ٱلَّذِينَ تَتَوَفَّىٰهُمُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ طَيِّبِينَ يَقُولُونَ سَلَٰمٌ عَلَيۡكُمُ ٱدۡخُلُواْ ٱلۡجَنَّةَ بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ٣٢

**32. Гьел муъминзабазул рух1алги росула малаикзабаца ц1акъ х1еренго ва тамахго. Гьездехун малаикзабаца абула: «Нужеде салам буго, нуж лъугьа гьал алжаназда жанире. Дунялалда нужеца гьабураб лъик1аб г1амалалъе жазаълъун буго нужее гьаб алжан» - абун.**

هَلۡ يَنظُرُونَ إِلَّآ أَن تَأۡتِيَهُمُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ أَوۡ يَأۡتِيَ أَمۡرُ رَبِّكَۚ كَذَٰلِكَ فَعَلَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۚ وَمَا ظَلَمَهُمُ ٱللَّهُ وَلَٰكِن كَانُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ يَظۡلِمُونَ ٣٣

**33. Гьал инкарчаг1и ва мушрикал балагьун ругеб жо гьеч1о жидер рух1 босизе малаикзаби рач1ин гуреб, яги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру бач1ун жидее г1азаб гьаби гуреб.**

Гьаб к1иго жоялъул цояб щвезе буго гьазда.

Г1азаб т1аде щвелалде цебе рух1 босаразе ахираталда г1азаб бук1ина. Дунялалда г1азаб т1аде щваразеги ахираталда г1азаб бук1ина.

Гьаз пикруго гьабуларищ жидеда церехун рук1арал умматазул мушриказе ккараб жоялъул. **Гьезда цере рук1арал г1асиял г1адамазги гьаз гьабулеб г1адаб г1амал гьабун бук1ана.** Гьезда г1азаб решт1инабуна, гьаздаги рещт1инабизе бегьила гьеб г1азаб. **Гьел жал гьалаг гьарурал г1адамазе Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **щибго зулму гьабич1о. Кинниги гьез жидецаго жидер напсазе зулму гьабуна.** куфру-ширкалдалъун ва г1асилъи-пасалъи гьабиялдалъун.

**34. Гьезде щвана жидеца гьабураб квешаб г1амалалда рекъараб жазаъ ва гьезие х1акълъана дунялалда ругеб мехалъ жидеца махсароде гьабулеб бук1араб жо.**

فَأَصَابَهُمْ سَيِّـَٔاتُ مَا عَمِلُوا۟ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٣٤﴾

Жужах1алде жанир лъугьинарун квешаб г1азаб ч1амизабуна гьезда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин махсароде гьабиялъе жазаълъун.

**35. Жидеца ширк гьабун хьвадарал г1адамаз абула: «Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бокьун бук1арабани** нижеца ширк гьабич1ого бук1ине, нижеца ширк гьабизе бук1инч1о. **Нижецаги нижер умумузги Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гурони цоги щибго жоялъе лагълъи гьабизе бук1инч1о. Ва нижеца щибго жо х1арамги гьабизе бук1инч1о Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **х1арам гьабич1еб»–абун. Гьадин абуна гьезда ццере рук1арал умматазул мушриказги:**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ أَشْرَكُوا۟ لَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَا عَبَدْنَا مِن دُونِهِۦ مِن شَىْءٍ نَّحْنُ وَلَآ ءَابَآؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِن دُونِهِۦ مِن شَىْءٍ ۚ كَذَٰلِكَ فَعَلَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ فَهَلْ عَلَى ٱلرُّسُلِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ﴿٣٥﴾

жидер аварагзаби махсароде гьаруна, нижеца гьабулеб жо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьун ва лъан гьабулеб бугин, гьесул амру бук1инч1ебани нижеца гьеб гьабилароан абун.

Дир **аварагзабазда т1адаб жо гьеч1о жидехъе кьураб рисалат умматалъухъе щвезаби гурони.** Гьел г1адамал иманалда т1орит1и, яги къосинари Аллагьасул иш буго. Гьесда лъала лъица щиб т1аса бищун бугеб ва кин гьел хьвадизе ругеблъиги.

Гьаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул рак1 парахат гьабун абураб раг1и. Гьалъул маг1наги буго: Дуца умматалъухъе рисалат щвезабе: гьез иман лъеч1о абун дуе щибго к1ал гьикъи

бук1ине гьеч1о.

وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولًا أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ فَمِنْهُم مَّنْ هَدَى اللَّهُ وَمِنْهُم مَّنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ فَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِينَ ﴿٣٦﴾

**36. Х1акълъунго дица щибаб умматалде расул вит1ана нужеца лагълъи гьабе цох1о Аллагьасе ﷻ ва нужги рик1к1алъе гьев гуреб жоялъе лагълъи гьабиялдаса»-абун.** Хъанчал рук1а гьел, малаикзаби рук1а, х1айванал ва г1адамал рук1а щибго бат1алъи гьеч1ого, Аллагь ﷻ тун бат1ияб жиндие г1ибадат гьабураб жоялда т1агъут абула ва гьелъие лагълъи гьаби ширк буго жинца абадияб жужах1алъул г1азабалде ккезарулеб.

**Гьел умматаздаса цо г1адамал рук1ана Аллагьас х1акъаб диналда жал т1орит1арал. Гьездаса цоги г1адамал рук1ана жидее къосин х1акълъарал ва жал бахьигьеч1еллъун, капураллъун ругел.** Ай т1адег1анав Аллагьас аварагзабиги рит1ун умматал иман лъеялде ах1ана. Гьезул цо къокъаялъ иман лъуна, цогидал иман лъеч1ого ч1ч1ана. **Гьанже нуж ракьалда т1ад хьваде, я гьал Маккаялъул мушрикал, ва нужеца пикру гьабе щибдай ккана нужеда цере рук1арал Аллагьасда ﷻ иман лъеч1ел ва жидеца аварагзабиги гьереси гьарурал къавмазе.** Гьелъул нужее ваг1за лъугьине бегьила ва нуж кант1изеги бегьила.

إِن تَحْرِصْ عَلَىٰ هُدَاهُمْ فَإِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي مَن يُضِلُّ وَمَا لَهُم مِّن نَّاصِرِينَ ﴿٣٧﴾

**37. Киг1анго дуе бокьаниги, Мух1аммад ﷺ, дуца гьел г1адамал иманалда т1орит1изе, дуда к1оларо Аллагьас къосаравлъун гьавурав чи иманалда т1овит1изе.**

Аллагьасда лъараб мехалъ цо инсан къосин ва куфру т1аса бищун вук1ин, Аллагьас гьев чи х1ал гьабун иманалда т1овит1уларо. Жинца т1аса бищараб къосиялда тола. **Ва гьел г1адамал х1акъаб нухалда т1орит1изе, гьезие квербакъулев чиги вук1унаро,** ахираталда гьездаса г1азаб нахъч1вазе к1олев чиги вук1унаро.

وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَا يَبْعَثُ اللَّهُ مَن يَمُوتُ بَلَىٰ وَعْدًا عَلَيْهِ حَقًّا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٨﴾

**38. Гьел мушрикал ц1акъ ях1 бахъун, гьа гьедун к1алъалел руго** ахират бук1ине гьеч1ин абун ва **хварал г1адамал т1аде рахъинаризеги гьеч1ин абун. Гьез абухъе гьеч1о, Аллагьас ﷻ т1аде рахъинаризе руго ва гьеб гьесул х1акъаб къот1иги буго.**

**Амма г1адамазул г1емерисел жидеда гьеб х1укму лъаларел руго.**

**39. Гьел г1адамал т1аде рахъинарула: жидеда баян гьабун бихьизабизе дунялалда гьел жиндир х1акъалъулъ хилиплъун рук1араб жо.** Ахират гьеч1ин, т1аде рахъинари ва х1исаб-мизанги гьеч1ин абураб раг1иялъулъ гьел къосун рук1ин гьезда баянлъизе.

لِيُبَيِّنَ لَهُمُ ٱلَّذِي يَخْتَلِفُونَ فِيهِ وَلِيَعْلَمَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ أَنَّهُمْ كَانُواْ كَٰذِبِينَ ﴿٣٩﴾

Х1акъабги бат1улабги жо бат1а гьабизе, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1ав ва гьесда г1асилъарав ват1а гьавизе, жинца зулму гьабурав ва жиндие зулму гьабурав ват1а гьавизе. **Цинги капураб къавмалда якъинго лъазе гьел гьереси бицунел г1адамал рук1араблъи.**

**40. Х1акълъунго Дие цо амру бокьараб мехалъ дица гьабулеб г1амал буго «кун»-абун аби, цинги гьеб жо бук1уна.**

إِنَّمَا قَوْلُنَا لِشَيْءٍ إِذَآ أَرَدْنَٰهُ أَن نَّقُولَ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٤٠﴾

Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ х1ажатав гьеч1о гьеб раг1и абиялдаги. Гьеб буго г1адамазда бич1ч1изе, гьезул г1акълуялда релълъинабун абураб раг1и.

**41. Жидее зулму гьабун хадуб жидеца Аллагьасул диналъе г1оло гьижра гьабурал г1адамал.**

وَٱلَّذِينَ هَاجَرُواْ فِي ٱللَّهِ مِنۢ بَعْدِ مَا ظُلِمُواْ لَنُبَوِّئَنَّهُمْ فِي ٱلدُّنْيَا حَسَنَةً وَلَأَجْرُ ٱلْءَاخِرَةِ أَكْبَرُ لَوْ كَانُواْ يَعْلَمُونَ ﴿٤١﴾

Маккаялъул мушриказ г1емер зулму гьабун хадуб гьезухъан рорч1ун цоги асх1абзабигун цадахъ Мадинаялде гьижра гьабун арал пакъирал, лагъзаллъун рук1арал г1адамал: Билал, Ссугьайб, Хабаб, Г1амар асх1абзабазул х1акъалъулъ рещт1ине гьабунин гьаб аятилан абуна Къуртубияс, Аллагь разилъаги гьел киналго асх1абзабазда.

**Дица гьезие дунялалда гьабила лъик1аб ч1ч1олеб бак1.** Мадина буго гьеб гьижра гьабун рач1ун гьел гьенир ч1ч1араб. **Ва амма ахираталъул ажру ц1акъго к1удияб буго ва хирияб буго. Г1адамазда гьаб амру лъалебани** гьез ях1 бахъилаан ахираталъул ажру т1алаб гьабун хьвадизе.

**42. Гьел г1адамал руго жидеца мушриказул къварилъи- зулмуялда сабру гьабурал,** цинги гьижра гьабун жидер ват1ан тун, вацал, г1агарлъи тун Мадинаялде рач1арал. **Цох1о жодор Бет1ергьанасда** جَلَّ جَلَالُهُ **тавакал т1амун хьвадулел муъминзаби руго гьел.**

ٱلَّذِينَ صَبَرُواْ وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٤٢﴾

**43. Дудасан цереги дица расулаллъун рит1ич1о цох1о бихьинал гурони. Дица гьезде вах1ю гьабуна умматалъухье**

وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِيٓ إِلَيْهِمْ فَسْـَٔلُوٓاْ أَهْلَ ٱلذِّكْرِ إِن كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٤٣﴾

**щвезабизе кколеб шариг1ат. Нужее гьеб иш лъазе къвариг1ун батани жидеда Инжил, Таврат лъалел ягьудиязул ва насраниязул г1алимзабазда гьикъе.**

Гьаб аятальул маг1на буго Аллагьас ﷻ халкъалда дин малъизе гьеб халкъалда гьоркьоса цо бихьинчи вит1ула. Ч1ужуг1адан йит1уларо, яги малаикзаби рит1уларо. Гьаб амру гьадин бук1ин лъазе бокьани, я къурайшиял, нужеца гьелъул х1акъалъулъ китабияб агьлуялъул Инжил, Таврат лъалел г1алимзабазда гьикъе, гьез бицина нужеда аварагзабилъун ццересел умматазда бихьинал рит1ун рук1ин.

Гьаб аят рещт1инабиялъе сабабги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда иман лъезе ва нахърилълъине ч1ух1ун къурайшиязул мушриказ абун бук1ана: «Мун авараг вуго абун нуг1лъи гьабизе малаик вач1аха нижехъе»-абун. Гьезул раг1и нахъч1ван рещт1инабураб аят буго гьаб.

**44. Баянал х1ужабиги росун, Аллагьасул рахъалъан т1ахьалги росун рит1ула гьел аварагзаби. Дица дудаги гьаб Къуръан рещт1инабуна, Мух1аммад ﷺ, дуца г1адамазе гьезда т1адаб жо баян гьабизе.**

بِٱلۡبَيِّنَٰتِ وَٱلزُّبُرِۗ وَأَنزَلۡنَآ إِلَيۡكَ ٱلذِّكۡرَ لِتُبَيِّنَ لِلنَّاسِ مَا نُزِّلَ إِلَيۡهِمۡ وَلَعَلَّهُمۡ يَتَفَكَّرُونَ ٤٤

Х1алалаб, х1арамаб жо баян гьабизе ва гьезие далилал рицун Аллагь ﷻ вук1инги ч1ч1езабизе **ва гьел г1адамаца пикру гьабун,** ваг1за босун Аллагьасда ﷻ иман лъезе, мун рит1ухъ гьавун дуда нахъги рилълъине.

**45. Гьаб ракьалда т1ад квешаб макру ва пасалъи гьабулел г1адамал божунищ ругел Аллагьас ﷻ гьел ракьалда кквезарун гьалаг гьариларин абун, яги цоги гьезда рак1алдаго гьеч1еб рахъалъан жидеде г1азаб бач1инарин абун.**

أَفَأَمِنَ ٱلَّذِينَ مَكَرُواْ ٱلسَّيِّـَٔاتِ أَن يَخۡسِفَ ٱللَّهُ بِهِمُ ٱلۡأَرۡضَ أَوۡ يَأۡتِيَهُمُ ٱلۡعَذَابُ مِنۡ حَيۡثُ لَا يَشۡعُرُونَ ٤٥

Макру абула щив вугониги гуккизе, гьев мекъи ккезавизе гьабулеб г1амалалда. Гьаб тайпаялдаса буго мунафикъзабаца гьабулеб макру: жидеца иман лъун гьеч1ел, амма иман лъурал г1адамазул пиша гьабулел. Аллагьасе т1аг1ат-г1ибадат гьабулел абун рук1унел, амма гьеб г1амал г1адамазе г1оло гьабулеб хвел, х1илла бугел.

Цоги макру бук1уна инсан гьалаг гьавизе х1илла ургъулеб. Гьединаб макру ургъун бук1ана къурайшиязул церехъабаца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе: гьесда т1аде к1анц1ун щибаб кьибилалъул цо-цо чияс гьесда хвалчен ва хеч кьабизе ва

лъица ч1вараб лъалареб х1ал лъугьун, къисас босизе рес гьеч1ого бук1ине. Гьал мушриказул ва мунафикъазул квешал макраби лъалел рук1ун, Аллагьас ﷻ гьезда абулеб буго: «Нуж сунда божун ругел гьел къабих1ал г1амалал гьарулел, нужеда лъалебги бук1аго нужеда цере рук1арал умматазул мушриказе ва мунафикъазе лъугьараб жо»-абун.

أَوۡ يَأۡخُذَهُمۡ فِي تَقَلُّبِهِمۡ فَمَا هُم بِمُعۡجِزِينَ ٤٦

**46. Яги Аллагьасул ﷻ г1азабалъ жал кколаро абун божунищ ругел жидер сапарада араб бак1алда, даранбазар гьабулеб бак1алдаги. Кир ругониги гьел Аллагьасде ﷻ г1асиял, аварагасе макру гьабулел г1адамал гьесул г1азабалдаса рорч1изе гьеч1о.**

أَوۡ يَأۡخُذَهُمۡ عَلَىٰ تَخَوُّفٖ فَإِنَّ رَبَّكُمۡ لَرَءُوفٞ رَّحِيمٌ ٤٧

**47. Яги гьел божунищ ругел жидеда Аллагьасул ﷻ г1азаб щвеларо абун. х1инкъун, гьелда хъаравуллъи ккун жал ругеб мехалъ.**

Гьаб к1иго аяталъул х1асил буго: Жидеда г1азаб-къварилъи щвеларо абун божун рук1аниги, яги г1азаб щвеладай абун х1инкъун, гьелъие хъаравуллъи ккун рук1аниги, гьезие г1азаб гьабизе Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ гьеб г1азаб гьезда щвезе буго абураб.

**Х1акълъунго нужер Бет1ергьан Аллагь ﷻ, я гьал муъминзаби, жив гурх1улев, жиндие муъминзаби рокьулев вуго.** Гьединго капурзабаздаги гурх1улев вуго Аллагь ﷻ гьезие г1азаб гьабич1ого, гьел нахърахъун тун, тавбу гьабилародай, иман лъелародай абун.

أَوَلَمۡ يَرَوۡاْ إِلَىٰ مَا خَلَقَ ٱللَّهُ مِن شَيۡءٖ يَتَفَيَّؤُاْ ظِلَٰلُهُۥ عَنِ ٱلۡيَمِينِ وَٱلشَّمَآئِلِ سُجَّدٗا لِّلَّهِ وَهُمۡ دَٰخِرُونَ ٤٨

**48. Мушриказда бихьуларищ ва гьез пикру щайдай гьабулареб кинабниги Аллагьас ﷻ бижараб жо бук1иналъул гьелъул раг1адалъ цин кваранаб рахъалде, цинги квег1аб рахъалда ракьалда т1ад т1ибит1ун Аллагьасе ﷻ сужда гьабулеблъун: жал гьесие мут1иг1лъарал ва х1елараллъун рук1ун.**

Гьеб рух1 гьеч1еб махлукъатги Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъараб мехалъ гьел капурзабазда кин к1олеб гьесде данде рахъине ва г1амал к1одолъи, ч1ух1и гьабизе, гьесул амруялда г1асилъизе.

وَلِلَّهِ يَسۡجُدُ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِ مِن دَآبَّةٖ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ وَهُمۡ لَا يَسۡتَكۡبِرُونَ ٤٩

**49. Т1адег1анав Аллагьасе мут1иг1аблъун ва гьесие сужда гьабулеблъун буго зобалазда ва ракьазда жаниб бугебщинаб жо:**

**малаикзаби рук1а, х1айванал рук1а. Гьел киналго Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъизе ч1ух1уларелги руго.**

**50. Жидеда т1ад вугев, жиндир къуват ва къудрат бергьарав Аллагьасдаса ﷻ х1инкъулел руго ва жидеда амру гьабураб жо гьабулелги руго,** даимго гьесие мут1иг1ал, гьесие х1елун рук1унел руго.
<u>Гьаб (49-50) аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.</u>

يَخَافُونَ رَبَّهُم مِّن فَوْقِهِمْ وَيَفْعَلُونَ مَا
يُؤْمَرُونَ ۩ ٥٠

**51. Т1адег1анав Аллагьас** киналниги г1адамазда ва жундузда амру гьабун **абун буго:** нужеца лагълъи цох1о Дие гьабе», **нужеца к1иго Аллагь ккоге, «гьаб кинабго г1аламалъул бет1ергьан Аллагь цо Аллагь вуго,** яги г1емерал алагьзаби ккоге **ва нуж цох1о Дидаса х1инкъа,** цоги щивниги чиясдаса х1инкъуге-абун.

وَقَالَ اللَّهُ لَا تَتَّخِذُوا إِلَٰهَيْنِ اثْنَيْنِ ۖ إِنَّمَا
هُوَ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۖ فَإِيَّايَ فَارْهَبُونِ ٥١

**52. Гьев Аллагьасе ﷻ буго зобалракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат:** гьес рижарал руго, гьесул мулк буго ва гьесул лагъзалги руго.
**Х1акъикъияб, бит1араб динги гьев Аллагьасе ﷻ гьабулеб дин буго. Гьав Бет1ергьанги тун цоги щив чиясдасаха нуж х1инкъулел?**

وَلَهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلَهُ الدِّينُ وَاصِبًا ۚ
أَفَغَيْرَ اللَّهِ تَتَّقُونَ ٥٢

**53. Нужее бугеб щиб ниг1мат бугониги гьебги Аллагьасул ﷻ ниг1мат буго. Цинги нужеда цо къварилъи-зах1малъи щвараб мехалъ нуж цох1о Аллагьасе ﷻ дуг1а гьабун, гьесие х1елулелги руго.**
Гьаб амру гьадин бугониги нужеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабулеб буго ва гьесде г1асилъулел руго.

وَمَا بِكُم مِّن نِّعْمَةٍ فَمِنَ اللَّهِ ۖ ثُمَّ إِذَا مَسَّكُمُ الضُّرُّ
فَإِلَيْهِ تَجْأَرُونَ ٥٣

**54. Цинги Аллагьас ﷻ нужедаса къварилъи борхараб мехалъ, гьеб къварилъи сабаблъун гьесде х1елулел рук1араблъи к1очон, ц1идасан гьесдехун ширк гьабун хьвадулеб буго нужер цо къокъа.**

ثُمَّ إِذَا كَشَفَ الضُّرَّ عَنكُمْ إِذَا فَرِيقٌ مِّنكُم
بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُونَ ٥٤

**55. Дица кьурал ниг1матазда ва дица гьабураб лъик1лъиялда инкар кколел руго гьел г1адамал. Дагьаб заманаялъ нужерго дунялалдаса мунпаг1ат босулеллъун**

لِيَكْفُرُوا بِمَا آتَيْنَاهُمْ ۚ فَتَمَتَّعُوا ۖ فَسَوْفَ
تَعْلَمُونَ ٥٥

**рук1аха нуж, ахираталде щвараб мехалъ нужеда лъазе буго кинаб г1азаб нужеде щолебали.**

وَيَجۡعَلُونَ لِمَا لَا يَعۡلَمُونَ نَصِيبٗا مِّمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡۗ تَٱللَّهِ لَتُسۡـَٔلُنَّ عَمَّا كُنتُمۡ تَفۡتَرُونَ ٥٦

**56. Мушрикаца жидер алагьзабазе дица кьураб х1алалаб ризкъиялдаса цо бут1а гьабулеб буго. Гьел аллагьзабиги жидеда щибго жо лъаларел руго:** хъанчал руго, ганч1ил, ц1улал ва цоги жоялъул гьарурал. **Таллагьи, нужеда ц1акъ к1ал гьикъи гьабизе бугоха, я гьал мушрикал, нужеца ургъун рахъарал алагьзабазул ва нужеца гьезие бугин абун гьереси бицун, шарг1ияб х1ужа гьеч1ого толеб бук1араб ризкъиялъулги.**

Гьел мушриказ варанаби толел рук1ана цо-цо ц1арги лъун гьел алагьзабазе руго абун, рахь беч1ич1ого, т1ад рек1инч1ого ва къайи баччизе гьабич1ого.

وَيَجۡعَلُونَ لِلَّهِ ٱلۡبَنَٰتِ سُبۡحَٰنَهُۥ وَلَهُم مَّا يَشۡتَهُونَ ٥٧

**57. Гьединго мушрикаца абулеб буго малаикзаби Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ясал ругин абун. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вац1ц1адав вуго гьез бицунеб гьересиялдаса. Жидеего мушрикаца васал т1аса рищулел руго,** ай жидее бокьулареб жо (ясал) Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ругин абулеб буго мушрикаца.

وَإِذَا بُشِّرَ أَحَدُهُم بِٱلۡأُنثَىٰ ظَلَّ وَجۡهُهُۥ مُسۡوَدّٗا وَهُوَ كَظِيمٞ ٥٨

**58. Гьезул цоясда рохел бициндал дуе яс гьаюн йигин абун, гьесул гьумер ч1ег1ерлъулеб буго гьеб хабар рихун ва гьев ццим бахъун, гьеб х1ехьезе к1оларого лъугьунев вуго.**

يَتَوَٰرَىٰ مِنَ ٱلۡقَوۡمِ مِن سُوٓءِ مَا بُشِّرَ بِهِۦٓۚ أَيُمۡسِكُهُۥ عَلَىٰ هُونٍ أَمۡ يَدُسُّهُۥ فِي ٱلتُّرَابِۗ أَلَا سَآءَ مَا يَحۡكُمُونَ ٥٩

**59. Жиндир къавмалдаса вахчизе къасд гьабулеб буго гьес, гьез жив нечезавила абун х1инкъун жиндие бицараб квешаб рохел сабаблъун ва гьелъие гьабизе жо лъаларого къварилъиялде кколев вуго: жив г1одовег1ан гьавуниги, ничаб жо бугониги гьей яс ч1агойищ телей, яги жидер жагьилаб, ах1макъаб г1адаталда рекъон, ч1агого ракьулъищ лъелей абун. Нуж балагьеха г1адамал, киг1ан квешаб жо гьабулел ва кинаб ах1макъаб х1укму гьабулел ругел гьел мушрикал.**

Гьедиг1анго жидее рук1ине бокьуларел, жидее ничлъун ругел ясал Аллагьасе ругин абулеб буго гьез. Цоги гьезул ах1макълъи буго яс йигониги вас вугониги гьеб лъимер Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижараб, гьес жидее

кьураб умат бук1ин лъаларел рук1ин, гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1мат жидеца балагьлъун ва къварилъилъун рик1к1ин.

لِلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ مَثَلُ السَّوْءِ وَلِلَّهِ الْمَثَلُ الْأَعْلَىٰ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٦٠﴾

**60. Жидеца Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ **ахираталдаги иман лъоларел г1адамазул мисал ц1акъ квешаб мисал буго,** гьел жагьилал, г1акълу гьеч1ел г1адамал руго. **Т1адег1анав Аллагьасе т1адег1анаб мисал буго.**

Гьев кинабго рахъалъан камилав вуго ва мушрикаца жинда г1унт1изарулел сипатаздасаги вац1ц1адав вуго. **Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир гуч бергьарав, жиндаса щибго жо бергьунарев вуго. Жинца гьабулеб х1укмуялъул г1адлу бит1арав, х1икмат, пайда бугеб жо гурони гьабуларевги вуго.**

Т1адег1анав Аллагьасулги инсанасулги сипатал данде кквезе ва цоцада релълъинаризе бегьулел гьеч1о. Масала: Аллагьасухъ бугеб г1елму ва сахавалъи жиндие г1орхъи гьеч1еб, жиб бицине ва борцине лъалареб буго. Инсанасул г1елму ва сахавалъи жиндие г1орхъи бугеб буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ к1одолъи ва кинабго жоялда т1ад х1алк1олъи, гьеб кинабго жо квегъулев ва къезарулев вук1ин Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бук1ине рекъараб гьесул сипат буго. Инсанасулъ г1амал к1одолъи, г1адамазда т1ад бергьенлъи гьаби абураб сипатал какарал руго.

Инсанас жиндир Халикълъун ва Разикълъун вугев, жиндие г1ибадат гьабизе т1адав Аллагьасулъ جَلَّجَلَالُهُ пикру гьабураб мехалъ ва гьесул камиллъиялда, х1алк1олъиялдаги жив нахъг1унт1ич1еб мехалъ, гьев инсанасул Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ рокьи, гьев лъай, гьесде г1агарлъиги ц1ик1к1уна. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъалев чиясул т1абиг1атаздаса буго инсанасулъ рук1унел шарг1алъ берциналлъун рик1к1арал киналго берцинал т1абиг1атал жиндилъ рук1ин.

Сахаватав чи жиндир г1ибадат бац1ц1адав, ракl т1еренав, пагьму-г1акълу лебалав вук1уна. Жив гурх1улев чи Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ х1инкъиялъулъ гучав вук1уна жиндир ракl cor1ав, г1амал хъач1ав чиясдаса. Сабру бугев чи иман ц1ик1арав вук1уна жинда рак1алде щвараб щинаб жо гьабулев ах1макъав чиясдаса. Жиндир г1елму бугев чи Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъай ва гьесдаса х1инкъи ц1ик1к1арав вук1уна жагьилав чиясдаса.

Гьадинаб мисал буго цогидал берцинал сипатазулги. Жиндир берцинал сипатал ц1ик1к1аралг1ан инсанасул Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъайги, гьев вокьиги, гьесде г1агарлъиги ц1ик1к1уна. Гьев чиясда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вокьиялъул асарги лъугьуна. Цинги гьев т1убараб г1умруялъго бахьибугевлъун вук1уна: жинда кинабго жо Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ бук1ин лъан, гьесда

божун, гьесда рак1гъун. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие х1адурараб ахираталъул ниг1матазул рукъ-алжаналда жив лъугьизавиялда божунги вук1уна.

وَلَوْ يُؤَاخِذُ ٱللَّهُ ٱلنَّاسَ بِظُلْمِهِم مَّا تَرَكَ عَلَيْهَا مِن دَآبَّةٍ وَلَٰكِن يُؤَخِّرُهُمْ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى فَإِذَا جَآءَ أَجَلُهُمْ لَا يَسْتَـْٔخِرُونَ سَاعَةً وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ﴿٦١﴾

**61. Т1адег1анав Аллагьасул г1адат бук1арабани жинца мунагьал гьарурал г1адамазе жазаъ гьабулеб** (гьел нахърахъун теч1ого мунагь гьабунщинахъе гьезие г1азаб гьабулеб бук1арабани), **жинца ракьалда т1ад хьвадулеб щибго жо тelароан** – гьедин гьалаг гьаризе мустах1икъал руго г1адамал гьез гьабулеб г1амалалда балагьараб мехалъ. **Кинниги Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьезие г1азаб гьаби нахъбахъун тола цо пуланаб заман щвезег1ан.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ х1икматалда рекъон тун рук1уна гьел г1адамал. Гьез гьабулеб г1амал бихьуларого бук1унаро, яги гьезие г1азаб гьабизе к1оларого бук1унаро. **Цинги гьел г1адамал гьалаг гьаризе Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **ц1араб заман щведал гьел цох1о лах1заталъ нахърахъун толаро, яги заман щвелалдего церего гьалагги гьаруларо.**

وَيَجْعَلُونَ لِلَّهِ مَا يَكْرَهُونَ وَتَصِفُ أَلْسِنَتُهُمُ ٱلْكَذِبَ أَنَّ لَهُمُ ٱلْحُسْنَىٰ لَا جَرَمَ أَنَّ لَهُمُ ٱلنَّارَ وَأَنَّهُم مُّفْرَطُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Гьел мушрикал руго жидеего бук1ине бокьуларeб жо Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бук1ин ч1ч1езабулел.** Малаикзаби Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал руго абун абулел. **Цинги жидер мац1аз гьереси бицунеб буго ва жидее лъик1аб ахират бук1ине буго абунги абулеб буго.** Гьез абухъин гьеч1о амру! **Щибго щаклъи гьеч1о гьезие жазаълъун жужах1алъул ц1а бук1иналда ва гьел жужах1алде реххизе г1едег1изариялдаги. гьенир жанир абадиялъго рук1инеги руго,** жал к1очон жидер к1вар гьабулев чи гьеч1ого. Цоги маг1на гьабуна гьел ц1акъ хех гьарун рачуна жужахалда реххизе абун.

تَٱللَّهِ لَقَدْ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰٓ أُمَمٍ مِّن قَبْلِكَ فَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ أَعْمَٰلَهُمْ فَهُوَ وَلِيُّهُمُ ٱلْيَوْمَ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٦٣﴾

**63. Таллагьи** Мух1аммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, **дудаса цереги рит1ана дица аварагзаби жидер умматазде. Гьел умматазда щайт1аналъ берцин бихьизабуна жидерго квешаб г1амал.** Гьеб щайт1аналда нахърилълъун, аварагзаби гьереси гьарун хьвадана гьел умматазул г1адамалги. **Гьаб дунялалда гьезул валиги, гьудулги, гьезие квербакъулеб жолъунги буго щайт1ан.**

Цlакъ квешаб гьудул бугоха нужее гьеб! **Гьезие ахираталда цlакъ жинца унтизе гьабулеб гlазаб букlине буго.**
Гьениб щайтlан гьездаса рикlкlалъизе буго, гьезие кверги бакъизе гьечlо, жегиги гьезда кlал гьикъун, гьезда тlад бельанхъун букlине буго: «Дица гьаричlо нуж къосине, нужго къосараллъун рукlана» - абун.

**64. Дица дуда гьаб Къуръан рещтlинабичlо, Мухlаммад ﷺ, дуца гьеб умматалъе баян гьабизе гурони, жиндилъ хилиплъун ругеб жо.** Хlакъаб дин гьезие баян гьабизе, хlакъаб – батlулаб, хlарамаб – хlалалаб жо баян гьабизе. Гьеб жидее баян гьабун хадуб, гьез Аллагьасда ﷻ гlасилъи гьабураб мехалъ, гьезда кlал гьикъизе ресги букlине: нужехъе авараг вачlана гурищ, Къуръанги бачlана гурищ абун.

وَمَآ أَنزَلۡنَا عَلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ إِلَّا لِتُبَيِّنَ لَهُمُ ٱلَّذِي ٱخۡتَلَفُواْ فِيهِ وَهُدٗى وَرَحۡمَةٗ لِّقَوۡمٖ يُؤۡمِنُونَ ٦٤

**Гьаб Къуръан Аллагьасде ﷻ иман лъурал гlадамазе гьел дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде тlоритlулеб жо буго, гьезие бугеб рахlматги буго.** Къуръан муъминзабазе рахlматлъун букlин буго гьелда гlамал гьабиялдалъун гьел Аллагь ﷻ разилъиялда щолел рукlин, гьеб цlалиги жидер гlиабадатлъун букlин.
Гьеб Къуръан унтабазе дару букlин, пащманасе рохел букlин, къварилъи тlаде бачlарасе гьеб къварилъи тlаса босиялъе сабаблъун букlин. Унго-унго иманги лъун, ракlги Аллагьасде ﷻ буссинабун Къуръан цlалараб мехалъ, гьев муъминчиясул щиб ният бугониги гьеб ният тlубаялъе сабаблъун букlуна Къуръан.

**65. Тlадегlанав Аллагьас зодисан цlад рещтlине гьабула ва гьелдалъун жиб хун букlараб, бакъван букlараб ракь чlаго гьабула,** гьелда тlад ах-хур, хер бижизе гьабула инсанас ва кинабго рухlчlаголъиялъ гьелдаса мунпагlат босизе. **Хlакълъунго Гьеб бакъвараб ракьалда тlад батlи-батlиял нигlматал рижизе гьариялъулъги буго Аллагьасул ﷻ хlалкlолъиялде тlоритlел гьабулел гlаламатал, жидеда бицараб жо рагlулел ва гьелъул вагlза босулел гlадамазе.**

وَٱللَّهُ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءٗ فَأَحۡيَا بِهِ ٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ مَوۡتِهَآۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ يَسۡمَعُونَ ٦٥

**66. Хlакълъунго нужеца жиндаса мунпагlат босулеб боцlиялъулъги** (хlайваназулъги) **руго нужее гlакълу ва гlибрат босизе далилал. Гьезул чохьониб бугеб жоялдаса дица нужее**

وَإِنَّ لَكُمۡ فِي ٱلۡأَنۡعَٰمِ لَعِبۡرَةٗۖ نُّسۡقِيكُم مِّمَّا فِي بُطُونِهِۦ مِنۢ بَيۡنِ فَرۡثٖ وَدَمٖ لَّبَنًا خَالِصٗا سَآئِغٗا لِّلشَّٰرِبِينَ ٦٦

**гьекъезе кьола, биялдаги чороклъиялдаги гьоркьоса бат1а гьабураб, бац1ц1адаб, хъах1аб, гьуинаб рахь. Жиб гьекъолезе ц1акъ бокьулеб ва бигьаго, тамахго гьекъезе бегьулеб.**

Цо х1икмат буго гьеб боц1и: варанаби, г1ачи, г1иял, хьунул инсанасе квегъун рук1ин. Гьезда т1адги рек1уна, гьезул рахьги беч1ч1ула, г1алахалде рачун, цинги рукъоре рачун гьел хьвадизеги гьарула. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъее квегъич1еб жо инсанасда квегъизеги к1олеб гьеч1о. Гьаб г1емераб заманалъ нилъеда бихьулеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанасе квегъун кьураб гуреб цогидаб рух1ч1аголъи квегъун, гьелдаса инсанас мунпаг1ат босулеб гьеч1еблъи.

К1иабилеб х1икмат буго х1айваназдаса бач1унеб рахь: Чороклъиялдаса ва биялдаса бат1а гьабун жиб бач1араб, кинабг1аги жиндилъ я биялъул, яги чороклъиялъул кьерниги, мах1ниги гьеч1еб. Гьадинал х1икматал ва г1аламатал г1емер руго жинца пикру гьабулев чиясе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1алк1олъиялдаги гьев цох1огояв Халикъ вук1иналдаги т1орит1ел гьабулел.

**67. Гьединго нужее г1аламатал руго чамастакил ва ц1олбол пихъалъулъги. Гьеб пихъалдаса нужеца мехтулеб жо гьабула ва берцинаб кваналеб жоги гьабула.**

وَمِن ثَمَرَٰتِ ٱلنَّخِيلِ وَٱلۡأَعۡنَٰبِ تَتَّخِذُونَ مِنۡهُ سَكَرٗا وَرِزۡقًا حَسَنًاۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ٦٧

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица абуна: «Берцинаб ризкъи буго жиб х1алалаб пихъ. Мехтулеб жо буго жиб х1арам гьабураб жо» - абун. **Х1акълъунго гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда, гьесул х1алк1веялда т1орит1ел гьабулел г1аламатал руго жидер г1акълу ва пикру бугел г1адамазе.**

Гьал х1айваназул рахьалъулъ бугеб х1икмат бициндал, пихъазул х1икматги бициндал, т1адег1анав Аллагьасе бокьана гьелдасаги к1удияб х1икмат бугеб наялъул бицине ва жинца абуна:

**68. Дур Бет1ергьан Аллагьас наялда вах1ю гьабуна, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, нужеца рукъзал ккве абун мег1ералда т1ад, ахикь, рохьоб.**

وَأَوۡحَىٰ رَبُّكَ إِلَى ٱلنَّحۡلِ أَنِ ٱتَّخِذِي مِنَ ٱلۡجِبَالِ بُيُوتٗا وَمِنَ ٱلشَّجَرِ وَمِمَّا يَعۡرِشُونَ ٦٨

Нуж данделъун цо хъизамлъун х1алт1улеб нуж жанир ч1олеб бак1 ккве. **Гьединго нужеца рукълъун ккве г1адамас гьабураб жоги.** Гьаб бак1алда вах1ю гьабуна абураб раг1иялдаса мурад буго дица гьелда лъазабуна, гьеб т1обит1ана абураб.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цоги х1икмат буго гьаб аяталда жаниб, гьес наязда

аби «г1адамаз гьабураб жоги ккве нужее рукълъун» абун. Аллагьасул ﷻ гьаб амруялдалъун наял ч1ч1ола инсанас гьабураб т1алаялда жанир ва гьез инсанасе даруяб гьоц1оги гьабула.

**69. Цинги нужеца кванае ва ц1уе кинабго пихъалдаса ва т1егьалдаса:** гьуинаб бугониги, ц1ек1аб бугониги, кьог1аб бугониги т1егьалдаса кванае, Аллагьас жиндир къудраталдалъун гьеб гьуинаб гьоц1олъун гьабизе буго. **Гьеб т1егь-хер ц1ехон Аллагьасул ﷻ нухаздаги хьваде нуж квегьаралльун ругеб х1алалъ.**

ثُمَّ كُلِي مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ فَٱسۡلُكِي سُبُلَ رَبِّكِ
ذُلُلٗاۚ يَخۡرُجُ مِنۢ بُطُونِهَا شَرَابٞ مُّخۡتَلِفٌ أَلۡوَٰنُهُۥ
فِيهِ شِفَآءٞ لِّلنَّاسِۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ
يَتَفَكَّرُونَ ٦٩

Киг1ан рик1к1аде роржун ун ругониги нух къосинч1ого нахъ руссун рач1уна ва щибаб жиндир рукъобе жанибе лъугьуна. Цо мекъи ккараб на, яги ц1огьодуе бач1унеб на гьеб рукъобе биччач1ого бук1ине гьеб рукъалъул к1алт1а ч1арал хъаравулзабиги рук1уна.

**Цинги гьел наязул чехьалдаса къват1ибе бач1уна гьуинаб лъим, жиндир кьер бат1и-бат1ияб,** т1аг1ам бат1ияб, **жинда жаниб г1адамазе дару бугеб. Х1акълъунго гьаб наялъул хабаралъулъги руго Аллагьасул ﷻ х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулел г1аламатал, жидеца пикру гьабулел г1адамазе.**

Аллагьас ﷻ бижараб щибаб жоялда жаниб пикру гьабулев чиясе г1аламатал руго гьеб жо бижарав Халикъ вук1иналде т1орит1ел гьабулел, гьев Аллагь ﷻ жинца ризкъи кьолев Разикъ вук1иналдеги т1орит1ел гьабулел. Гьединав Халикъльун ва Разикълъун вугев Аллагьасе ﷻ гьабуни гурони, цоги щибго жо гьеч1о жиндие г1ибадат гьабизе бегьулеб ва г1ибадат гьабизе т1адаб.

Гьаб наялье Аллагьас ﷻ кьун бугеб гьунар, гьелъул г1ажаибаб х1алт1и бицун калам халат гьабиларо. Нилъеда лъалел рух1ч1аголъабазул бищунго х1икмат к1удияб буго на. Амма Т1адег1анав Аллагьасул ﷻ гьелдаса к1удиял ва г1ажаибал х1икматал г1емер руго. Нилъеда т1адаб буго гьеб киналдаго иман лъезе ва гьелдаса г1ибрат босизе.

Жинда Аллагь разилъаяв Абусаг1идил Худриясдаса бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе цо чи вач1ана ва гьес абуна жиндир вац ц1акъ чехь унтун вугин абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьесда гьоц1о гьекъезабе» - абун. Дов чи рукъове ун, вацасда гьоц1оги гьекъезе гьабун, цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вач1ана ва гьес абуна: «Я расулуллагь ﷺ! Дица гьесда гьоц1о гьекъезе гьабуна, гьелдалъун гьесул чехь жегиги унтана»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна:*

*«Гьанжеги мун а ва цоги гьоц1о гьекъезабе вацасда»-абун. Цингиги ун гьес вацасда гьоц1о гьекъезабуна ва аварагасухъе вач1ун абуна: «Я расулуллагь ﷺ! Гьанжеги гьесул чехь унти ц1ик1к1ин гуреб жо ккеч1о»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Аллагь жинца бит1араб бицунев вуго (гьоц1оялъулъ нужее дару буго абураб раг1иялъулъ), дур вацасул чехьалъ гьеб дару къабул гьабулеб гьеч1о. Цоги нухалъ гьоц1о гьекъезабе гьесда» - абун. Цингиги вацас досда гьоц1о гьекъезабуна ва досул чехь сахлъана»*-абун. Х1адис имам Бухарис ва Муслимица бицана.

Г1алимзабаца абуна гьесул чохьониб заралияб жо бук1ун гьесде рихел (понос) бач1ун бук1ана. Гьоц1о гьекъараб мехалъ гьелъ жегиги гьеб заралияб жо багъаризабун рихел ц1ик1к1ана. Лъабабизе гьоц1о гьекъараб мехалъ гьесул чохьониб бук1араб заралияб жо къват1ибе бач1ун лъугьана ва гьесул унтиги къот1ана абун.

Цоги х1адисалда буго: *«Нужеца к1иго жоялдалъун гьабе дару: Къуръаналдалъунги гьоц1оялдалъунги»* - абун. Х1адис имам ибну Мажатица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1али асх1абасдаса бицараб хабаралъулъ буго: «Нужее дару гьабизе бокьараб мехалъ ва гьелдалъун сахлъизеги бокьараб мехалъ, нужеца Къуръаналъул аят хъвай цо гъадароялда (тарелка) жаниб, цинги гьеб ц1ц1адал лъималъ чуре. Хъизамалда х1алалаб, гьей разияб г1арац кьезабун гьелъухъ гьоц1о босе. Цинги гьеб гьоц1огун жубан доб аят чурараб жо гьекъе. Гьеб жо дару буго, гьениб лъабго бат1ияб дару жубан бугелъул: Къуръанги, гьоц1оги, ц1адал лъимги. Ункъабилеб дару буго гьеб гьоц1о х1алалаб, бац1ц1адаб мухь кьун босун бук1ин». Гьаб ункъо жоялда т1орит1ел гьабулел Къуръаналъул аяталги руго. Гьаб хабар ибну аби Х1атимица бицана лъик1аб нухалдасан.

وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ ثُمَّ يَتَوَفَّىٰكُمۡۚ وَمِنكُم مَّن يُرَدُّ إِلَىٰٓ أَرۡذَلِ ٱلۡعُمُرِ لِكَيۡ لَا يَعۡلَمَ بَعۡدَ عِلۡمٖ شَيۡـًٔاۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٞ قَدِيرٞ ٧٠

**70. Т1адег1анав Аллагь вуго жинца нуж рижарав. Цинги гьес руго нуж хвезаризеги. Нужер цоял Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1акъго к1одолъизег1ан ч1аго тола:** жиндир г1акълуги загlиплъизег1ан, черхги чияр ц1обалде ккезег1ан. **Жинда лъалеб бук1араб жоги к1очене** ва живги лъимералда рельлъун лъугьине: г1акълуги дагьав, къуватги дагьав. **Х1акълъунго Аллагь жинда щибаб жоялъул маслих1ат лъалев вуго ва жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе х1алк1олевги вуго.**

Г1акълу-лъай, къуват камилав вук1арав инсан гьит1инаб лъимералъул

даражаялде ккезавизе кlолев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьев инсан хун хадуб тlаде вахъинавизеги кlола.

Гlикриматица абуна: Къуръан гlемер цlаларав чи гьеб лъимерлъиялде кколеб хlалалъ херлъуларо-абун. Ай херлъаниги гьесул гlакълу-тадбир нукъсанлъуларо. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул дугlаги буго: *«Дуца дун арзалил гlумруялдаса цlуне»* - абун. Гьеб арзалил гlумру буго доб лъимадул къоялде ккараб херлъи. Хlадис имам Бухарияс бицана.

وَٱللَّهُ فَضَّلَ بَعۡضَكُمۡ عَلَىٰ بَعۡضٖ فِي ٱلرِّزۡقِۚ فَمَا
ٱلَّذِينَ فُضِّلُواْ بِرَآدِّي رِزۡقِهِمۡ عَلَىٰ مَا مَلَكَتۡ
أَيۡمَٰنُهُمۡ فَهُمۡ فِيهِ سَوَآءٌۚ أَفَبِنِعۡمَةِ ٱللَّهِ
يَجۡحَدُونَ ٧١

**71. Тlадегlанав Аллагьас нужер цоял тlокl гьаруна цогидаздаса жидее кьураб ризкъиялдалъун.**

Цоял бечедал гьаруна, цоял мискинал гьаруна, цоял ханзаби гьаруна, цогидал гьезда ццере хlалтlулел гьаруна. **Дица жидее ризкъи цlикlкlун кьурал, жал ханзабилъун гьарурал гlадамал гьечlо жидеца гьеб бечелъиялдаса щибго жо жидер лагъзадерие кьолеллъун, цинги гьел лагъзалги гьел ханзабиги ращад рукlине.**

Гьаб мисал буго мушриказе бачараб мисал. Гьездехун абулеб буго: нуж ханзаби ругони нужее бокьуларо нужер лагъзал нужеда ращадал рукlине ризкъиялъулъ ва къадруялъулъ. Гьедин бугелъул нужеца кинха абулеб дир лагъзал аллагьзаби руго абун ва гьезие щай гьабулеб дие гьабизе кколеб лагълъи?

**Гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигlматазда инкарищха кколеб бугеб?** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца нигlматал кьолев. Щибго жо гьабизе кlоларел хъанчал алагьзабилъун ккун, гьав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул нигlматал кlочон щай толел?

وَٱللَّهُ جَعَلَ لَكُم مِّنۡ أَنفُسِكُمۡ أَزۡوَٰجٗا وَجَعَلَ
لَكُم مِّنۡ أَزۡوَٰجِكُم بَنِينَ وَحَفَدَةٗ
وَرَزَقَكُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِۚ أَفَبِٱلۡبَٰطِلِ يُؤۡمِنُونَ
وَبِنِعۡمَتِ ٱللَّهِ هُمۡ يَكۡفُرُونَ ٧٢

**72. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужерго напсаздаса нужее руччаби гьаруна.**

Гьездехун рекlелгьей гьабизе ва нужер цоцазде гурхlел-рахlму букlине.

**Гьел руччабаздаса нужее васал ва васазулги лъимал гьаруна. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хlалалал, тlагlамал ва лъикlал нигlматал кьуна:** пихъал, хlайванал, тlорщел кьуна. Цогиги нужеца хуриб бижизе гьабулеб, ралъдалъан бахъулеб, чан гьабун гlалахалдаса тlалаб гьабулеб нигlмат кьуна.

**Гьаб кинабго жо хlакълъун хадубги гьел мушриказ батlулаб жоялда иман лъун хъанчазе лагълъи щай гьабулеб ва Аллагьасул**

**جَلَّ جَلَالُهُ нигlматазда инкарги щай кколеб?** Ва гьесие гьабизе т1адаб г1ибадатги щай гьабулареб?

وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَمْلِكُ لَهُمْ رِزْقًا
مِّنَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ شَيْـًٔا وَلَا
يَسْتَطِيعُونَ ٧٣

**73. Жидеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе т1адаб лагълъи гьабулеб буго щибго жидее мунпаг1ат, яги зарал гьабизе к1оларел, зобалаздасаниги ракьалдасаниги жидее ризкъиги кьоларел хъанчазе.**

Зодиса ц1ад базабизе к1оларел, ракьалда хур-хер бижизабизе к1оларел. **Гьеб жо гьабизе абун лъугьаниги жидер щибго гьунар-къуватги гьеч1ел.**

فَلَا تَضْرِبُوا۟ لِلَّهِ ٱلْأَمْثَالَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ
لَا تَعْلَمُونَ ٧٤

**74. Нужеца щибго жо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ релълъине гьабуге.** Гьесда цониги рахъалъ жинца релълъинлъи гьабулеб жо гьеч1о. **Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда кинабго жоялъул х1акъикъат лъалев вуго. Нужеда лъалеб жо гьеч1о гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадруялдаса ва к1одолъиялдаса.**

۞ ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا عَبْدًا مَّمْلُوكًا لَّا
يَقْدِرُ عَلَىٰ شَىْءٍ وَمَن رَّزَقْنَٰهُ مِنَّا رِزْقًا حَسَنًا
فَهُوَ يُنفِقُ مِنْهُ سِرًّا وَجَهْرًا ۖ هَلْ يَسْتَوُۥنَ ۚ
ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ٧٥

**75. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мисал бачун нужее баян гьабулеб буго** нуж кант1изе бокьун ва нужее ваг1за лъугьине бокьун: **цо лагъ вугони чияр ихтиярaлда гьоркь вугев, жиндир щибго жоялда х1алк1вейги гьеч1ев. Цоги чи вугони дица жиндие бечелъи кьурав ва жинца гьеб бечелъи садакъаде бикьулев, напакъадеги кьолев балъгого ва загьиралда. Гьав к1иявго чи ващад вугищха жидер даражаялъулъ ва къадруялъулъ!**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб мисал бачун буго хъанчазе лагълъи гьабулел г1адамал кант1изе бокьун. Гьаниб лагъасул мисал буго хъанчал: Гьезул щибго жоги гьеч1елъул ва гьезда щибго жоги гьабизе к1оларелъул. Гьел кин ращад рук1инел жиндир бечелъиги ханлъиги бугев чиясда, жиндие бокьухъин гьеб бечелъи х1алт1изабулев ва гьеб напакъадеги кьолев. Жиндир бечелъиги бугев, жиндие бокьараб жо гьабизе гьунарги бугев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабич1ого лагълъи, Аллагьасул махлукълъун бугеб, жидер щибго гьунар гьеч1ел, жидецаго гьарурал хъанчазе кин гьабулеб? Гьал чаг1и ах1макъал рук1ин баянаб жо буго.

**Кинабго щукру ва рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.** Жинца мисал бачун

х1акъаб жо баян гьабулев. **Кинниги, г1адамазул г1емерисел жидеда щибго жо лъаларел руго.** Жидер жагьиллъиялъ мушриказда лагъги ханги ват1а гьавизе лъалев гьеч1о, жинца жо бижулев Халикъги, жив цогидас вижарав махлукъги ват1а гьавизе лъалеб гьеч1о.

وَضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا رَّجُلَيْنِ أَحَدُهُمَآ
أَبْكَمُ لَا يَقْدِرُ عَلَىٰ شَىْءٍ وَهُوَ كَلٌّ عَلَىٰ
مَوْلَىٰهُ أَيْنَمَا يُوَجِّههُّ لَا يَأْتِ بِخَيْرٍ هَلْ
يَسْتَوِى هُوَ وَمَن يَأْمُرُ بِٱلْعَدْلِ وَهُوَ عَلَىٰ
صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ٧٦

**76. Т1адег1анав Аллагьас цоги мисал баян гьабуна к1иго чиясул мисал бачун. Цояв вуго жинда мац1 лъаларев, х1алт1и-пиша гьабизеги к1оларев, жиндир валиясда т1ад бак1аб гьир г1адин вугев. гьев киве вуссинавуниги ва щиб жо жинда малъаниги гьеб гьабизе к1оларев,** жиндаса цониги лъик1аб жоги лъугьунарев. **Гьев чи ващадав вук1унищ жинца г1адамазда лъик1аб жоги малъулев, живги бит1араб нухда хьвадулев чиясда?**

Жинда лъик1аб-квешаб жо бат1а гьабизеги лъалев, пасих1аб мац1алъ к1алъан г1адамазда жо бицине ва гьел лъик1аб нухда т1орит1улев. Живго х1акъаб нухда вугев ва цогидалги гьелда т1орит1улев чиги, щибго жо жинда лъаларев, цогидаз т1овит1аниги гьеб т1орит1елги босуларев чиги ващад вук1инищ? Гьаб мисалги буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие г1ибадат гьабизе х1акъав Бет1ергьан вук1ин ва г1адамаз алагьзабилъун ккурал хъанчал бат1улал жал рук1ин бицунеб.

وَلِلَّهِ غَيْبُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَآ
أَمْرُ ٱلسَّاعَةِ إِلَّا كَلَمْحِ ٱلْبَصَرِ أَوْ هُوَ
أَقْرَبُ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ٧٧

**77. Т1адег1анав Аллагьасухъ جَلَّ جَلَالُهُ буго зобал-ракьазда жаниб бугеб, г1адамаздаса рик1к1адаб, гьезда бихьулареб ва лъалареб жоялъул г1елму. Къиямасеб къо ч1еялъул амруги гьеч1о цох1о бер къапи г1адаб жо гурони, жегиги гьелдасаги г1агарда буго гьеб къиямасеб къоялъул амру.**

Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьараб мехалъ ва гьесул къадар гьабураб заманги щвараб мехалъ къиямасеб къо бач1ин щибго нахъбахъуларо ва гьеб иш ц1акъ хехго, цох1о лах1заталъ т1убазабула т1адег1анав Аллагьас.

**Х1акълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарб жо гьабиз х1алк1олев вуго.** Гьеб х1алк1олъиялдаса жо буго ахир къиямасеб къо бач1инги ва гьениб х1исаб-мизан гьабун г1адамазул г1амалазда рекъараб

жазаъ гьабиги.

وَٱللَّهُ أَخۡرَجَكُم مِّنۢ بُطُونِ أُمَّهَٰتِكُمۡ لَا تَعۡلَمُونَ شَيۡـٔٗا وَجَعَلَ لَكُمُ ٱلسَّمۡعَ وَٱلۡأَبۡصَٰرَ وَٱلۡأَفۡـِٔدَةَ لَعَلَّكُمۡ تَشۡكُرُونَ ٧٨

**78. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж киналго къват1ир рахъизаруна эбелалъул чохьониса нужеда щибго жо лъаларел, щибго гьунар гьеч1ел заг1ипал лъималлъун рук1ун. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда бугеб берги, г1инги, рак1ги гьабуна жинда жо бихьулеблъун, раг1улеблъун ва бич1ч1улеблъун.**

Гьал алатаздалъун нуж дунялалъул рукъоб ч1аголъи гьабиялде т1орит1ана. Нуж рижарав ва нуж хьихьулев Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин лъан, **гьесие щукру гьабизе** ва гьес т1ад къараб г1ибадат гьабизе рижана нуж. Г1ададаго рижинч1о, х1акъаб нух малъич1ого теч1о, лъик1аб-квешаб жо бат1а гьабизе г1акълу кьеч1огоги теч1о.

Т1адег1анав Аллагьас Къуръаналда рехсана жинца инсанасе г1инги, берги, рак1ги гьабуна абун. Гьаб заманаялъул г1алимзабаца эбелалъул ургьиб лъимералъул бижин ва т1убай лъазабун ц1ех-рех гьабидал, гьез далил бачун ч1ч1езабун буго: гьеб лъимералъул г1иналъул алатал рижи ц1акъ хех байбихьулеб бук1ин. Цинги лъабго моц1 баралдаса байбихьун бералъул алатал рижулел рук1ин, гьелдаса хадуб гурони рак1алъул алаталъул рижин камиллъулеб гьеч1о абун. Гьаб г1елмияб ц1ех-рехалъ тасдикъ гьабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръаналда рехсараб тартибалда бук1ин гьел жидедалъун жо лъалел алатазул рижин ва камиллъи.

أَلَمۡ يَرَوۡاْ إِلَى ٱلطَّيۡرِ مُسَخَّرَٰتٖ فِي جَوِّ ٱلسَّمَآءِ مَا يُمۡسِكُهُنَّ إِلَّا ٱللَّهُۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يُؤۡمِنُونَ ٧٩

**79. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар кколел г1адамал балагьуларищ зобал-ракьазда гьоркьор роржунел х1анч1азда, жал гьенир роржунеллъун гьарун ругел Бет1ергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва гьел гьенир ч1езеги гьаруларо гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталъ гурони.**

Гьел х1анч1аз кваркьи хьваг1улеб бук1иналъ роржунаро гьел гьаваялда. Кваркьи хьваг1ич1огонги роржуна гьел: куркьбал данде къанги роржуна ва куркьбал щвакунги роржуна. **Х1акълъунго гьаб ццебехун бицараб жоялъулъги х1ужа ва далил буго жидеца иман лъолел г1адамазе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналде ва гьесул къудраталде.**

وَٱللَّهُ جَعَلَ لَكُم مِّنۢ بُيُوتِكُمۡ سَكَنٗا وَجَعَلَ لَكُم مِّن جُلُودِ ٱلۡأَنۡعَٰمِ بُيُوتٗا تَسۡتَخِفُّونَهَا يَوۡمَ ظَعۡنِكُمۡ وَيَوۡمَ إِقَامَتِكُمۡ وَمِنۡ أَصۡوَافِهَا

**80. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее жанир ч1езе рукъзал гьаруна бат1и-бат1иял жалаздаса.** Гьел рукъзал разе г1акълу-лъай кьуна нужее. **Гьединго**

وَأَوۡبَارِهَا وَأَشۡعَارِهَآ أَثَٰثٗا وَمَتَٰعًا إِلَىٰ حِينٖ ٨٠

**х1айваназул т1омаздасаги гьаруна нужее рукъзал: чадрал гьаруна нужее сапаралде цадахъ росизе т1адагьал, бокьараб бак1алда лъезе бегьулел, къвариг1араб мехалъ нахъе росизеги бегьулел.**

Нуж рукъор ругониги сапаралда ругониги гьеб чадиралда жаниб х1алхьи гьабизе ва заман базе бегьулел. **Гьел х1айваназул квас-расалдаса ва х1улиялдаса** (пух) **нужее т1ад рет1улеб рет1елги гьабуна, рукъоб х1ажалъулеб бусен-къайиги гьабуна, ч1аго ругебг1ан мехалъ нужеца гьелдасан мунпаг1ат босулеб.**

وَٱللَّهُ جَعَلَ لَكُم مِّمَّا خَلَقَ ظِلَٰلٗا وَجَعَلَ لَكُم مِّنَ ٱلۡجِبَالِ أَكۡنَٰنٗا وَجَعَلَ لَكُمۡ سَرَٰبِيلَ تَقِيكُمُ ٱلۡحَرَّ وَسَرَٰبِيلَ تَقِيكُم بَأۡسَكُمۡۚ كَذَٰلِكَ يُتِمُّ نِعۡمَتَهُۥ عَلَيۡكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تُسۡلِمُونَ ٨١

**81. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее раг1адги гьабуна, гьес бижараб жоялдалъун бук1унеб гьеб раг1адги.** Муг1рузул, гъут1бузул, рукъзазул бук1уна раг1ад бакъул бух1иялдаса нуж ц1унизе. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **муг1руздаги гьаруна нуж жанир ч1езе бегьулел бак1ал.** Нохъаби гьаруна, кьурул т1окъаби гьаруна нуж гъоркье лъугьине ва жанир рук1ине. **Гьединго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее т1ад рет1улеб рет1елги гьабуна, нуж бакъул бух1иялдаса ц1унизе,** хасалил ц1ороялдасаги ц1унизе.

**Цогиги рет1ел гьабуна нужее рагъде унеб мехалъ рет1улеб:** къолденал ва бет1ералда лъолел т1аргъал. **Тущманасул зараралдаса нуж ц1унизе.** Гьадин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир ниг1матал т1уразарула нужее. Кинабго нуж жинда х1ажалъулеб жо нужее бижун ва гьелдаса мунпаг1ат босизе малъун. Дунялияб жо малъараб г1адин динияб жоги малъула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагзаби рит1ун ва т1ахьал рещт1инарун. **Гьедин Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **т1урала нужее жиндир ниг1матал нуж гьесие мут1иг1лъун цох1о гьесие гурони лагълъи гьабич1ого бук1ине.**

فَإِن تَوَلَّوۡاْ فَإِنَّمَا عَلَيۡكَ ٱلۡبَلَٰغُ ٱلۡمُبِينُ ٨٢

**82. Гьаб кинабго жо баян гьабун хадубги гьел мушрикал иман лъеялдаса руссани, дуца гьелъул к1вар гьабуге, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**! Х1акълъунго Дуда т1адаб жо буго Аллагьас духъе кьураб рисалат гьезухъе щвезаби.**

Гьезда иман лъезаби дуда т1ад гьеч1о, гьез иман лъеч1о абун дуе зaралги гьеч1о. Гьезул г1амалазе жазаъ гьабизе бугев Т1адег1анав Аллагь вуго.

يَعۡرِفُونَ نِعۡمَتَ ٱللَّهِ ثُمَّ يُنكِرُونَهَا وَأَكۡثَرُهُمُ ٱلۡكَٰفِرُونَ ٨٣

**83. Гьел мушриказда лъала Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее кьурал ниг1матал.**

Гьел ниг1матаздаса бищунго к1удияб

буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг. гьезда гьоркьоса жив вугев, жидеда гьев х1акъав авараг вук1инги лъалеб. Гьедин бугониги мушриказ аварагасда инкар кколеб буго. **Цогидал киналго ниг1матаздаги инкар ккурал руго гьел мушрикал. Гьезул г1емерисел куфруялдаго руго.** гьедин рук1ун хвезеги руго ахираталда жужах1алде инеги руго.

**84. Къиямасеб къоялъ дица щибаб умматалъул авараг вахъинавула жинца уммат Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялде ах1ана абун нуг1лъи гьабизе. Гьеб къоялъ капурзабазе изну кьоларо г1узру бачине ва багьанаби рицине.**

وَيَوۡمَ نَبۡعَثُ مِن كُلِّ أُمَّةٖ شَهِيدٗا ثُمَّ لَا يُؤۡذَنُ لِلَّذِينَ كَفَرُواْ وَلَا هُمۡ يُسۡتَعۡتَبُونَ ﴿٨٤﴾

Гьезул щибго х1ужа гьеч1еблъи ва гьез бицинесеб жо гьереси бук1ин лъалелъул. **Гьездаса щибго жоги т1алаб гьабуларо:** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъулеб г1амал гьаби, яги раг1и бицин: гьеб къо г1амал гьабулеб къо гьеч1елъул, гьеб буго дунялалда гьабураб г1амалалде данде жазаъ гьабулеб къо.

**85. Дунялалъул рукъор куфру-ширкалда т1ад ч1ун, Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ г1асилъун зулму гьабурал г1адамазе бугеб г1азаб гьезда бихьун хадуб, гьездаса гьеб г1азаб бигьа гьабуларо ва гьел г1азаб гьабич1ого нахърахъунги толаро.**

وَإِذَا رَءَا ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ ٱلۡعَذَابَ فَلَا يُخَفَّفُ عَنۡهُمۡ وَلَا هُمۡ يُنظَرُونَ ﴿٨٥﴾

Къиямасеб къоялъ жужах1алъул агьлу гьенибе лъугьинабун хадуб гьезие г1азаб т1аса боси ва бигьалъи гьаби гьеч1о. Муъминзабазул к1удиял мунагьал гьарурал г1адамал руго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурх1елалдалъун жужах1алдаса къват1ире рачунел.

**86. Жужах1алда жанир рук1адго жидеца ширк гьабуразда рихьараб мехалъ жидедехун ширк гьабурал (жидеца гьел алагьзабилъун ккунги рук1арал) г1адамал, жидеца ширк гьабураз абула: «Я нижер Бет1ергьан! Гьале гьал руго нижеца дуеги гьабич1ого жидее лагълъи гьабурал» - абун.**

وَإِذَا رَءَا ٱلَّذِينَ أَشۡرَكُواْ شُرَكَآءَهُمۡ قَالُواْ رَبَّنَا هَٰٓؤُلَآءِ شُرَكَآؤُنَا ٱلَّذِينَ كُنَّا نَدۡعُواْ مِن دُونِكَۖ فَأَلۡقَوۡاْ إِلَيۡهِمُ ٱلۡقَوۡلَ إِنَّكُمۡ لَكَٰذِبُونَ ﴿٨٦﴾

Гьеб раг1иялдалъун гьезие бокьун бук1уна жидеда гурх1ел гьабизе ва г1азаб бигьа гьабизе. **Жодое лагълъи гьабула рук1араз гьезие жаваб гьабула нуж ругин гьереси бицунел г1адамал** ва нужеца

нижее лагълъи гьаби нужерго г1айиб бугин абун,

وَأَلْقَوْاْ إِلَى ٱللَّهِ يَوْمَئِذٍ ٱلسَّلَمَ وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُواْ يَفْتَرُونَ ﴿٨٧﴾

**87. Гьеб къоялъ кинавго чи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъун, мук1урлъун ва гьесул амруялда нахърилълъун рук1уна ва гьездаса ц1акъ рик1к1ад ун рат1алъун рук1уна дунялалда жидее гьересияб лагълъи гьабурал алагьзаби.** Гьезул шапаг1атги щоларо, квербакъиги бихьуларо, гьелги жалги цадахъ цох1о хьагинир жанир реххун, жидерго черхазда рек1араб ц1аялъ жал рух1улел ва жидее г1азаб гьабулел рук1уна.

ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ زِدْنَٰهُمْ عَذَابًا فَوْقَ ٱلْعَذَابِ بِمَا كَانُواْ يُفْسِدُونَ ﴿٨٨﴾

**88. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал ва Аллагьасда иман лъеялдаса цогидал г1адамалги нахъч1варал капурзабазе гьезие бугеб г1азабалда т1адеги цогиги г1азаб гьабизе буго, гьез гьабураб пасалъи сабаблъун.**

Жидеца иман лъунгут1и гьел жужах1алде лъугьинарулеб сабаб буго. Гьелдаги т1аде Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялдаса г1адамал нахъч1вайги, гьезие г1акъуба кьейги жинда ц1акъго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъунеб г1амал буго. Гьаб г1амал бук1ана Маккаялъул мушриказул ва къурайшиязул церехъабазул. Гьез г1емер г1акъуба кьуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилълъарал муъминзабазе. Гьел къурайшиязул х1амуца ч1вана Сумаят абулей муъминч1ужу. Исламалда жаний т1оцее шагьидлъана гьей. Гьелдаго хадув ч1вана гьелъул рос Ясирги, жидеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаял, гьезулгун гьалмагълъи нилъееги насиб гьабеял.

وَيَوْمَ نَبْعَثُ فِى كُلِّ أُمَّةٍ شَهِيدًا عَلَيْهِم مِّنْ أَنفُسِهِمْ وَجِئْنَا بِكَ شَهِيدًا عَلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ وَنَزَّلْنَا عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ تِبْيَٰنًا لِّكُلِّ شَىْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً وَبُشْرَىٰ لِلْمُسْلِمِينَ ﴿٨٩﴾

**89. Щибаб умматалъе нуг1лъи гьабизе жидер авараг вахъинавулеб къоялъ, гьаб дур умматалъе нуг1лъи гьабизе мунги вахъинавулеб къоялъ** гьабизе буго, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дица гьел капурзабазе г1азаб. **Дица дуда Къуръанги рещт1инабун буго жинца кинабго жо баян гьабулеб ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дин гьабулеб х1алги баян гьабулеб.**

Гьеб Къуръан рещт1ун хадуб капурзабазе щибго х1ужа гьеч1о ва г1узру гьеч1о Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ х1акъаб дин гьабич1ого рук1ине ва жидедаса г1азаб нахъч1вазе. **Гьеб хирияб Къуръан жинца х1акъаб динул исламалда т1орит1улеб буго, умматалъе бугеб рах1матги**

**буго ва муъминзабазе рохелги буго.**

۞إِنَّ ٱللَّهَ يَأۡمُرُ بِٱلۡعَدۡلِ وَٱلۡإِحۡسَٰنِ وَإِيتَآيِٕ ذِي ٱلۡقُرۡبَىٰ وَيَنۡهَىٰ عَنِ ٱلۡفَحۡشَآءِ وَٱلۡمُنكَرِ وَٱلۡبَغۡيِۚ يَعِظُكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تَذَكَّرُونَ ۝٩٠

**90. Хlакълъунго Тlадегlанав Аллагьас нужеда гьоркьоб гьабулеб ишалъулъ берцинал тlабигlатал хlалтlизареян амру гьабулеб буго.** Хlукму гьабулеб мехалъ гьеб битlун гьабеянги, **киналго гlадамазе лъикlлъи гьабе абунги:** берцинаб рагlи бицун, садакъа-хайрат гьабун, къварилъиялда ккарасе квербакъи гьабун, налъи тlад ккарасе кумек гьабун, унтарасде ваккизе ун, хварав ахираб нухалде тlовитlизе ун.

**Гlагарлъиялда гьоркьоб гурхlел-рахlму цlуне абунги амру гьабулеб буго Тlадегlанав Аллагьас.** Гьезулгун хlал рекъезе гьабун, гьездаса пашманлъи-къварилъи нахъчlван. Гlагарлъиялда гьоркьоб цlунизе рекъарабщинаб жо мадугьалзабазда гьоркьобги цlунизе рекъараб буго.

**Гьединго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж нахъчlвалел руго кинабго къабихlаб жо гьабиялдаса:** рагlи бугониги, гlамал бугониги, къабихlаб пиша бугониги ( ширк гьаби гlадаб, зина гьаби гlадаб). **Мункараб жо гьабиялдасаги нахъчlвалел руго**: гьеб буго сахаб тlабигlат-гlамалалда ва исламияб жамагlаталда гьоркьоб букlине сурукъаб, жинда гlайиб чlвалеб жо. Гьеб рагlиялъ щвей гьабула киналго гlассилъабазда ва гlодорегlанал пишабазда: гьибат, бугьтан, мацl гьаби, хlасад гьаби, рогьоб бай ва гьелда релълъарал гlамалазда.

**Гьединго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж нахъчlвалел руго зулму гьабиялдасаги,** мунагь-хатlаалъул гlорхъолъан рорчlарал жал гьариялдасанги. «Багъю» абураб рагlи буго гlорхъолъан борчlараб жо гьаби абураб магlнаялда бугеб. Гьелъ гlемераб магlнаялде тlоритlел гьабула: имамасда данде рахъарал гlадамаздаги гьеб цlар абула (бугъатал), зина гьабулел гlадамаздаги абула, чlухlи ва гlамалкlодолъи цlикlкlарал гlадамаздаги абула. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее гьадинаб берцинаб вагlза гьабулеб буго, нужеца гьеб вагlза босизе бокьун ва иман лъун лъикlаб гlамал гьабизеги бокьун.**

Къатадатица абуна: хирияб Къуръаналда жаниб тlадегlанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ислам бачlинелде щцере рукlарал гlарабиязул лъикlалщинал тlабигlатал берциналлъун гьаруна ва гьезда жанир рукlарал гlодорегlанал, сурарал, къабихlал тlабигlатал нахъги чlвана-абун.

Цо хlадисалда буго: *«Тlадегlанав Аллагьасе тlадегlанал тlабигlатал рокьула ва къадарал, гlодорегlанал тlабигlатал рихуна»* - абун. Хlадис Байгьакъияс бицана.

Абу Яг1ла абулев г1алимас бицараб х1адисалда буго: «Уксум ибну Сайфи абулев къавмалъул цевехъанасда хабар раг1араб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг вахъун вуго (вач1ун вуго) абун, гьесие бокьун бук1ана живго гьев Мух1аммадихъе вач1ун гьесул х1ал ц1ехезе. Жиндир къавмалъ гьев нахъч1вана «мун нижер к1удияв вуго, мун гьесухъе ун дур къадру хвезабизе бегьуларо»-абун. Цинги Уксумица абуна: «Гьедин бугони нужер бокьарав чи цеве вахъа дир хабар гьесухъе щвезабулев ва гьесул хабар дихъе щвезабулев»-абун. К1иго чи вахъана «Ниж ина гьесухъе» - абун ва гьел ана Маккаялде.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рач1ун гьез абуна: «Ниж руго Уксум ибну Сайпиясул расулзаби. Гьес дуда гьикъулеб буго дур ц1ар щиб ва мун щив»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дун вуго Г1абдуллагьил вас Мух1аммад. Дун вуго Аллагьасул лагъ ва гьесул расул»*-абун. Цинги жинца гьаб аятги ц1алана (90 аят). Чанго нухалъ авараг ﷺ ц1ализе виччан жидеца гьеб аят рек1ехъе лъазабуна ва гьебги босун гьел Уксумихъе т1адруссун рач1ана.

Гьез Уксумида абуна: «Нижеда гьев ватана гьоркьохъеб насабалъул музариязул чи. Гьес нижее гьаб жоги ц1алана» - абун. Уксум гьез ц1алараб аяталде г1енеккана ва жинца абуна: «Дида гьев Мух1аммад вихьулев вуго жинца берцинал т1абиг1атаздалъун амру гьабулевлъун, къабих1ал г1амалаздаса жинца нахъч1валевлъунги. Нужеца гьаб дин къабул гьабе ва нуж гьаб диналъул бет1ералда рук1а, гьеб диналъул рач1ч1алда (ахиралда) рук1унге» - абун.

وَأَوْفُوا۟ بِعَهْدِ ٱللَّهِ إِذَا عَـٰهَدتُّمْ وَلَا تَنقُضُوا۟ ٱلْأَيْمَـٰنَ بَعْدَ تَوْكِيدِهَا وَقَدْ جَعَلْتُمُ ٱللَّهَ عَلَيْكُمْ كَفِيلًا ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا تَفْعَلُونَ ﴿٩١﴾

**91. Нужеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабураб къот1и т1убазабе, гьесул расуласе ва муъминзабазе гьарурал къот1абиги т1уразаре гьеб къот1и гьабун хадуб. Нужеца гьаял гьедараб мехалъ ва гьеб гьа Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц1аралдалъун щулаги гьабураб мехалъ, гьеб гьаги хвезабуге, нужеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьавун вугелъул гьеб нужер гьаялъе нуг1лъун ва гьеб ц1унулевлъун. Х1акълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго г1амал.**

Гьеб г1амалалалде данде Аллагьас нужее жазаъги гьабизе буго.

وَلَا تَكُونُوا۟ كَٱلَّتِى نَقَضَتْ غَزْلَهَا مِنۢ بَعْدِ قُوَّةٍ أَنكَـٰثًا تَتَّخِذُونَ أَيْمَـٰنَكُمْ دَخَلًۢا بَيْنَكُمْ أَن تَكُونَ أُمَّةٌ هِىَ أَرْبَىٰ مِنْ أُمَّةٍ

**92. Нужги рук1унге жинда г1емер г1акъубаги бихьун жинца кун дургъулей (прядьщица), цинги кинабго х1алт1и т1убараб мехалъ жинца**

إِنَّمَا يَبْلُوكُمُ ٱللَّهُ بِهِۦۚ وَلَيُبَيِّنَنَّ لَكُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ مَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٩٢﴾

**дургъараб кун бичун ва биххун балей г1аданалда релълъун.**

Гьаб мисал буго жидеца къот1и гьабулел ва гьа гьедулел, цинги гьеб къот1иги гьаги хвезабулел г1адамазе бугеб мисал.

**Нужеца нужер гьаял ва къот1аби кколел руго цояз цоял гуккизе, гьезие хиянат гьабиялъе сабаблъун. Гьеб ц1акъ г1одобег1анаб г1амал буго. Гьеб г1амал нужеца гьабулеб буго цо къокъа цогиялдаса г1емераб ва къуватаб бук1ин лъараб мехалъ.** Доб ццебеккун къот1и гьабураб къокъаялъе хиянатги гьабун гьез гьаб къуватаб къукъаялъе къот1и гьабулеб буго.

**Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас нужер х1албихьи гьабулеб буго** гьел бат1и-бат1иял къокъабигун нуж дандч1вазарун, **нужеца къот1и т1убаладай абун, цинги къиямасеб къоялъ нужее Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ц1акъ баянги гьабизе буго нужеца гьабурабщинаб г1амал.** Ва щивав чиясул г1амалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

Гьаб къот1и гьаби ва гьа гьедиялъул х1укму бициналъе сабаб буго г1арабиязул бат1и-бат1иял къокъаби кидаго цоцалъе рагъазда рук1унел рук1ана. Гьедин бугелъул к1иго лъабго къокъа цоцалъ рекъон цогидазда данде рагъулел рук1ана. Гьедин рук1адго жидеего лъик1 бихьараб мехалъ цоязулгун гьабураб къот1иги хвезабун цогидазе къот1и гьабулеб бук1ана.

Исламалъул авалалдаги рук1ана цо-цо къокъаби жидеца исламияб дин босич1ел, амма бусурбабазе кумек гьабизе, яги гьезде данде рагъич1ого рук1ине къот1и гьабурал, гьел г1адамазги къот1и хвезабулеб бук1ун ва бусурбабазе хиянат гьабулеб бук1ун рещт1инаруна гьал аятал.

Гьал аятазул х1укму кинабго умматалъе г1аммаб х1укму буго ва къот1и т1убангут1и мунафикъчиясул т1абиг1ат буго. Бицараб раг1и кквейги гьабураб къот1и т1убайги муъминчиясул т1абиг1ат буго.

وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَلَٰكِن يُضِلُّ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِى مَن يَشَآءُۚ وَلَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Т1адег1анав Аллагьасе бокьун бук1арабани киналго г1адамал цох1ого умматалъул гьарилаан.**

Киназулго бечелъи-мискинлъи цоцада релълъарал, цоцалъ къацандулел къокъаби гьеч1ого, цоцалъ рекъарал, цох1о х1алалъ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дин гьабулел. **Кинниги, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **х1икматалда рекъон цоял х1акъаб диналда т1орит1ун руго, цогидал нух къосараллъун тун руго.** Цо г1адамал бахьибугеллъун гьарун руго, цогидал бахьикъосараллъун гьарун руго. Цо къокъа алжаналъул

ниг1матал кваналеллъун гьарун руго, цогидал жидедалъун жужах1 боркьулеллъун гьарун руго. **Ахираталде щвараб мехалъ чара гьеч1ого щивав чиясда жиндир г1амалалдаса гьикъизе буго.** Ва киг1ан гьит1инабниги ва к1удиябниги жоялъе жазаъ гьабизе буго.

وَلَا تَتَّخِذُوٓاْ أَيۡمَٰنَكُمۡ دَخَلَۢا بَيۡنَكُمۡ
فَتَزِلَّ قَدَمُۢ بَعۡدَ ثُبُوتِهَا وَتَذُوقُواْ ٱلسُّوٓءَ
بِمَا صَدَدتُّمۡ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَلَكُمۡ عَذَابٌ
عَظِيمٞ ﴿٩٤﴾

**94. Нужеца нужеда гьоркьоб гьабулеб къот1и ва Аллагьасул ﷻ ц1ар гьоркьоб ккун гьедулеб гьаги гьабуге цояз цоял гуккиялъе сабаблъун,** гьел гьаял хвезарун дунялалъул дагьабго заманалъул мунпаг1ат босизе къасд гьабуге. **Гьедин гьабулеб бугони нуж х1акъаб жоялда рук1ун хадуб гьелдаса хъущт1арал ва мекъи ккарал рук1уна. Гьеб г1амал гьабулеб бугони Аллагьас ﷻ нужеда ц1акъ квешаб г1азаб ч1амизабизе буго.**
**Нужеца Аллагьасул ﷻ диналдаса г1адамал нахъч1вазе ва гьеб дин ракьалда т1ибит1иялъе квалквал гьабизе къасд гьабулеб бук1иналъе г1оло. Ахираталдаги жужах1алъул гучаб г1азаб бук1ина нужее.**

وَلَا تَشۡتَرُواْ بِعَهۡدِ ٱللَّهِ ثَمَنٗا قَلِيلًاۚ إِنَّمَا عِندَ
ٱللَّهِ هُوَ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ﴿٩٥﴾

**95. Нужеца Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе гьабураб къот1и хвезабун, гьеб бичун дунялалъул дагьабго пайда босуге. Х1акълъунго ахираталда Аллагьасда ﷻ аск1об бугеб жо нужее ц1акъ лъик1аб буго. Нуж лъик1аб-квешаб жо бат1а гьабизе лъалел г1адамал ратани,** нужеца гьеб квешаб г1амал гьабуге.

مَا عِندَكُمۡ يَنفَدُ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ بَاقٖۗ
وَلَنَجۡزِيَنَّ ٱلَّذِينَ صَبَرُوٓاْ أَجۡرَهُم بِأَحۡسَنِ
مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ﴿٩٦﴾

**96. Дунялалда нужеда кодоб бугеб жо жиб паналъулеб бук1ин х1акъаб буго.** Нуж ч1аго рук1унги ине бегьула гьеб нужеда кодоса. Нуж хвараб мехалъ гьеб нужехъан унеблъи х1акъаб буго. **Ахиратаалда Аллагьас ﷻ х1адурун бугеб алжаналъул ниг1матал т1аса унарел, абадиялъго нахъе хут1улел руго. Бичасх1аги абун гьедулев вуго дун: дица гьез гьабураб г1амалалдаса г1емерго лъик1аб ва берцинаб жазаъ гьабила Аллагьасул дин сабаблъун бач1араб къварилъиялда сабру гьабун, гьеб дин ц1унун жал хьвадарал муъминзабазе.**

مَنۡ عَمِلَ صَٰلِحٗا مِّن ذَكَرٍ أَوۡ أُنثَىٰ
وَهُوَ مُؤۡمِنٞ فَلَنُحۡيِيَنَّهُۥ حَيَوٰةٗ طَيِّبَةٗۖ
وَلَنَجۡزِيَنَّهُمۡ أَجۡرَهُم بِأَحۡسَنِ مَا كَانُواْ

**97. Бихьинал ругониги, руччаби ругониги жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун, шарг1алда рит1ун хьвадун, лъик1аб г1амал гьабун хьвадулел: Дица**

**чара гье1ого гьел г1адамал дунялалъул** يَعۡمَلُونَ ﴿٩٧﴾
**рукъор берцинаб ч1аголъиялда хьвадизарила:**
х1алалаб ризкъи кьела, дагьаб жоялда г1ейи гьабулел, дунял т1алаб гьабиялда хадур лъугьинч1ел гьарила. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб г1амал гьабизе тавпикъ кьела.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас абуна: *«Жиндир бахьи буголъарав ва дунял ахираталъул лъик1лъиялда кверщел батарав чи вуго жинца Аллагьасда иман лъун, исламияб диналда хьвадарав, жиндие г1олеб х1алалаб ризкъиги Аллагьас кьурав, гьес кьураб жоялда г1ей гьабун ч1езе Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *тавпикъги гьабурав чи»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидасан бицараб х1адисалда буго: *«Т1адег1анав Аллагьас муъминчияс гьабураб лъик1аб г1амал г1адада хвезабун гьесие зулму гьабуларо: дунялалда гьабураб лъик1аб г1амал ахираталда жинда данде ажру гьабулеб бук1уна. Капурчиясул лъик1аб г1амалалъухъ дунялалдаго жазаъ гьабула: гьесие сахлъи кьун, ризкъи кьун. Ахираталда гьесул щибго лъик1аб г1амал бук1унаро жинда данде ажру гьабулеб»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Х1асанул Басрияс абуна: унго-унгояб, берцинаб ч1аголъи алжаналда жаниб гурони бук1унаро. Гьениб буго нахъа хвел гьеч1еб ч1аголъи ва пащманлъи т1аде бач1унареб рек1елгъей. Абадияб саг1адат буго гьеб (бахьибуголъи) жинда т1аде бахьигьеч1олъи бач1унареб» - абун.

**Ва дица гьезие жидеца гьабураб лъик1аб г1амалалдаса ц1акъ лъик1аб, г1емераб ва берцинаб жазаъги гьабула.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1об-рах1маталдалъун гурого алжаналдаги лъугьунаро, гьениб жаниб бугеб цох1о ниг1маталде данде нилъер лъик1аб г1амалги бахунаро жиндир къимат ва къадру х1исаб гьабун. Гьедин бугелъул Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъун, аварагасда нахърилълъун гьаб дунялалъул дагьабго заман нилъеца бараб мехалъ, ахираталда абадияб алжан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ сайгъат буго ва гьесул к1удияб ц1об-рах1матги буго, нилъер г1амал сабаблъун, нилъеца ях1 бахъун щвараб ужра-мухь гьеч1о.

Бет1ергьан Аллагьас гьаб дунялалда бугебщинаб жо инсанасе маслих1аталъе, гьесие квегъун, гьес жиндаса мунпаг1ат босулеблъун бижун буго. Гьеб кинабго ниг1матги жинда иман лъурасеги инкар ккурасеги г1ахьалаблъун гьабун буго. Гьедин киназего г1аммаллъун гьарун дунялалъул ниг1матал кьурав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ахираталда муъминзабазе алжаналъул ниг1матал кьейги гьесул ц1об-рах1мат буго. Нилъер г1амалал сабаблъун щолеб ва кьолеб жо алжан гьеч1еблъи лъазе ва бич1ч1изе цох1о мисал буго: жинца г1умруялъго квешаб г1амал

гьабулевлъунги вук1ун, цинги гьеб г1амалалда рак1 бух1ун, тавбу гьабун Аллагьасде ﷻ вуссун хварав чи алжаналде лъугьинавула, щибго лъик1аб г1амал гьабизе гьесие заман щун гьеч1онигиг.

Гьаб киналъулго х1асил буго алжаналде инсан лъугьиналъе сабаб буго Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесул расул рит1ухъ гьавун, Аллагьасде ﷻ ширк гьабун цоги щиб бугониги жоялъе лагълъи гьабич1ого гьев инсан хьвади. Алжаналда жанир ругел даража-макъамал гьев инсанасул г1амалазда рекъон Аллагьас ﷻ гьесие кьолеб сайигъат ва шапакъат буго.

**98. Дуе Къуръан ц1ализе бокьараб мехалъ, гьеб ц1ализе байбихьуда** أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ **абе.** فَإِذَا قَرَأْتَ ٱلْقُرْءَانَ فَٱسْتَعِذْ بِٱللَّهِ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ ٱلرَّجِيمِ ﴿٩٨﴾

**Дица Аллагьасул ﷻ ц1аралдалъун щайт1аналъул квешлъиялдаса ц1уни гьарулеб буго, жиб Аллагьасул рах1маталдасан бачахъараб.** гьелъ дир рек1елъе щаклъи ккезабиялдаса гьаб Къуръан х1акъаб Аллагьасул ﷻ калам бук1иналъулъ, гьелъ дида ц1алараб жо мекъи (г1аксалда) бич1ч1изабиялдасаги.

Ибну Жаририца ва цогидал имамзабаца абуна: жинда г1алимзаби рекъараб раг1и бугин, Къуръан ц1алилелде цебе щайт1ан бухьизе сунатаб бук1иналда. абун

**99. Х1акълъунго гьеб щайт1аналъул гьунар гьеч1о Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва гьеб иманалъулъ рит1ухъал чаг1и къосинаризе.** Гьел Аллагьасул ﷻ ц1униялдалъун ц1унарал рук1уна. **Ва Аллагьасда ﷻ жидеца таваккал т1амулел** ва кинабго къварилъиги, г1ат1илъиги гьесдаса бук1ин лъалел **г1адамазда т1адги гьунар гьеч1о гьеб щайт1аналъул.** إِنَّهُۥ لَيْسَ لَهُۥ سُلْطَٰنٌ عَلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٩٩﴾

**100. Х1акълъунго гьеб щайт1аналъул гьунар буго жиб т1аса бищарал, жинда нахърилълъарал чаг1и къосинаризе. Гьелъие лагълъи гьабун Аллагьасде ﷻ ширк гьабулел г1адамал къосинаризеги.** إِنَّمَا سُلْطَٰنُهُۥ عَلَى ٱلَّذِينَ يَتَوَلَّوْنَهُۥ وَٱلَّذِينَ هُم بِهِۦ مُشْرِكُونَ ﴿١٠٠﴾

**101. Дица цо аяталъул х1укмуги хвезабун цоги аят рещт1инабураб мехалъ гьел мушрикаца дуда абулеб буго, Мух1аммад ﷺ, Х1акълъунго** وَإِذَا بَدَّلْنَآ ءَايَةً مَّكَانَ ءَايَةٍ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا يُنَزِّلُ قَالُوٓا۟ إِنَّمَآ أَنتَ مُفْتَرٍۭ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٠١﴾

**дуцаго ургъулеб бугин Къуръан абун ва дуца Аллагьасде ﷻ г1унт1изе гьабун гьересиги бицунеб бугин. Аллагьасда ﷻ лъик1 лъала щиб аят рещт1ине кколеб ва кида рещт1ине кколеб. Гьел г1адамал г1емерисел руго жидеда щибго жо бич1ч1уларел ва лъаларел.** Жидеда рак1алде ккараб жо бицунел рук1унел. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Т1адег1анав Аллагьас цо аят насхо гьабун цоги аят рещт1инабураб мехалъ Маккаялъул мушриказ абулеб бук1ана: гьав Мух1аммад жиндир асх1абзабазда т1ад велълъанхъулев вуго. Жакъа цо жоялдалъун амру гьабулеб буго гьезда, метер гьебги хвезабун цоги жоялдалъун амру гьабулеб буго. Валлагьи, гьев Мух1аммадица жинцаго ургъун бицунеб жо буго гьеб абун. Цинги т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьаб хадуб бугеб аят рещт1ине гьабуна:

قُلْ نَزَّلَهُۥ رُوحُ ٱلْقُدُسِ مِن رَّبِّكَ بِٱلْحَقِّ لِيُثَبِّتَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَهُدًى وَبُشْرَىٰ لِلْمُسْلِمِينَ ﴿١٠٢﴾

**102. Дуца гьезда абе, Мух1аммад ﷺ: дида гьаб Къуръан рещт1инабула бищунго Аллагьасул ﷻ божарав расуллъун вугев Жабраилас, дур Бет1ергьанасул амруялдалъун** ва гьев Аллагьасе ﷻ жинца гьабулеб ишалъулъ ц1акъ х1акимияв ва г1адилав вуго. **Иман лъурал г1адамал х1акъаб диналда ч1ч1езаризе ва гьезие жегиги х1ужаби рицун, далилал рачун х1акъаб нухда гьел т1орит1изе ва киналго бусурбабазе рохеллъунги бук1ине рещт1инабуна Аллагьас ﷻ гьаб Къуръан-абун.**

وَلَقَدْ نَعْلَمُ أَنَّهُمْ يَقُولُونَ إِنَّمَا يُعَلِّمُهُۥ بَشَرٌ لِّسَانُ ٱلَّذِى يُلْحِدُونَ إِلَيْهِ أَعْجَمِىٌّ وَهَٰذَا لِسَانٌ عَرَبِىٌّ مُّبِينٌ ﴿١٠٣﴾

**103. Х1акълъунго Дида лъала, Мух1аммад ﷺ, мушриказ абулеблъи гьеб Къуръан дуда г1адамаз малъараб жо бугоян абунги.** Румазул Жубар абулев чияс бицараб жо буго гьеб Къуръанилан абулеб бук1ана цо-цо Къурайшияца. Гьез бицунеб жо гьереси бук1ин ч1ч1езабун, Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **гьез гьереси бицун дуда Къуръан малъулев чи вугоян абулесул мац1 буго г1ажамияб мац1.** Гьев румазул чи вугелъул. **Гьаб Къуръанги ц1акъ пасих1аб г1араб мац1алда буго,** гьалда релълъараб жо гьел къурайшиязда гьабизе к1оларeб. Гьединаб пасих1аб г1араб каламалдалъун г1ажамияв чи к1алъалареблъи лъазе ккеларищ гьел инкарчаг1азда?

إِنَّ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ لَا يَهْدِيهِمُ ٱللَّهُ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٠٤﴾

**104. Х1акълъунго жидеца Аллагьасул ﷻ Къуръаналдаги, гьесул муг1жизатаздаги иман лъуларел**

**г1адамал Аллагьас ﷻ х1акъаб нухда т1орит1уларо ва гьезие ахираталда жидее унтизабулеб г1азабги бук1ине буго.**

إِنَّمَا يَفْتَرِي ٱلْكَذِبَ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْكَٰذِبُونَ ﴿١٠٥﴾

**105. Х1акълъунго Аллагьасде ﷻ г1унт1изабун гьереси бицуна жидеца иман лъоларел г1адамаз.**

Аллагьасдаги ﷻ Къуръаналдаги иман лъурал г1адамаз гьереси бицунаро. Гьеб буго к1удияб мунагь ва къабих1аб г1амал. **Ва гьел руго Х1акъикъиял гьересичаг1и** куфру-ширкалда ч1арал, мунагь-х1акъалдаса х1инкъуларел.

مَن كَفَرَ بِٱللَّهِ مِنۢ بَعْدِ إِيمَٰنِهِۦٓ إِلَّا مَنْ أُكْرِهَ وَقَلْبُهُۥ مُطْمَئِنٌّۢ بِٱلْإِيمَٰنِ وَلَٰكِن مَّن شَرَحَ بِٱلْكُفْرِ صَدْرًا فَعَلَيْهِمْ غَضَبٌ مِّنَ ٱللَّهِ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٠٦﴾

**106. Цин иман лъун бук1ун хадуб жинца куфруялъул раг1и абурав, гьеб куфру жиндир рак1алъеги бокьарав, гьелда жив парахалъарав чиясе Аллагьасул ﷻ ццим бахъи буго ва гьесие ахираталда ц1акъ гучаб г1азабги бук1ине буго. Жиндие зулму гьабун, жиндир х1ал заг1иплъун к1алалъ капурлъулеб раг1и абун, рак1 иманалъулъ х1алхьон бугев чиясе гьеч1о Аллагьасул ﷻ ццим бахъин ва ахираталда жужах1алъул г1азабги.**

Гьаб аят рещт1инабуна Г1аммар رضي الله عنه асх1абасул х1акъалъулъ. Жинда рихьулеб бак1алда гьесул эбел Сумаят ва эмен Ясирги ч1ван х1обода вухьун ц1алаца ва т1илаца кьабун г1азаб гьабураб мехалъ гьев Г1аммарица мушриказе бокьараб раг1и абуна, жиндир напс хвасар гьабун. Гьеб хабар раг1араб мехалъ асх1абзабаца абуна гьев Г1аммар капурлъана абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Г1аммар капурлъич1о. Гьев иманалъул ц1ун вуго жиндир т1оноц1алдаса байбихьун х1ат1азде гъоркье щвезег1ан. Гьесул гьаналдаги биялдаги иман жубан буго» – абун. Цинги Г1аммар вач1ана аварагасухъе живги г1одилаго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда абуна: «Дур рак1 кин бугеб, Г1аммар?» - абун. Г1аммарица абуна: «Дир рак1 иманалъулъ х1алхьон буго» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьанжеги дуе г1азаб гьабуни дуца гьеб раг1и абизе бегьила»* - абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Гьаб аяталдаса ва гьаб х1адисалдаса г1алимзабаца х1укму босана бусурманчияс жиндир рух1 хвасар гьабун к1алалъ жив капурлъулеб

раг1и абизе бегьилин абун, жиндие зулму ва г1акъуба ц1ик1к1араб мехалъ, ва гьелда сабру гьабиялдаса напс заг1иплъараб мехалъ, рак1 иманалъулъ х1алхьун бук1ингун цадахъ. Гьеб капурлъулеб раг1и абич1ого г1акъуба х1ехьон хвезег1ан сабру гьабизеги бегьула, гьедин жиндир гьунар г1урав чияс. Гьаб к1иябго жоялъул киналаб лъик1аб абураб мехалъ г1алимзабаца гьаб к1иабилеб раг1и т1аса бищун буго.

Жинда Аллагь разилъаяв Билал رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ асх1абас х1ехьана гьел мушриказул зулму. Баг1арараб бакъукье рехун, чехьалда бак1аб гамач1ги лъун, г1азаб гьабуна гьесие Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ инкар ккве абун. Билал асх1абас гьезул мурад т1убач1о ва «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вуго» абураб раг1и гурони абич1о. Хадуб Билал асх1абас абулаан: «Валлагьи, дида лъалеб бук1арабани цогиги раг1и, жинца мушриказул ццим бахъинабулеб, гьеб раг1иги абизе бук1ана дица»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ансарияв асх1аб Х1абиб ибну Зайд «Мусайламатул казаб» абулев мушрикас (жив авараг вуго абун гьереси бищун ч1ч1ун вук1арав) цо-цо къот1ел гьанал къот1ун: «дун авараг вуго абе» - абун г1азаб гьабураб мехалъги, жинца гьесул мурад т1убач1о. Мух1аммад авараг вугищан гьикъидал гьес абулеб бук1ана: «Вуго» - абун. Дун авараг вугищан гьикъидал «дида гьеб раг1и раг1улеб гьеч1оян» - абулеб бук1ана.

Гьединго машгьураб къисса буго Г1абдуллагь ибну Х1узапат абулев асх1аб румаз асирлъун гьавун жидер ханасухъе вачараб мехалъ гьесие гьабураб г1азабалъул ва гьес гьабураб сабруялъулги.

Т1адег1анав Аллагьас купруширкалъул агьлуялъул г1азаб-зулмуялдаса ц1унаги. Гьезул кверщаликь ккаразе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ берцинаб сабруги кьеги. Амин.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمُ ٱسْتَحَبُّوا۟ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا عَلَى ٱلْءَاخِرَةِ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿١٠٧﴾

**107. Иман лъун хадуб гьелдаса руссарал муртадазе гьединаб гучаб г1азаб гьабиялье сабаб буго; Х1акълъунго гьез ахиратги тун дунялалъул ч1аголъи т1аса бищун бук1ин.** Жидеда х1акъаб жо лъан хадубги гьелдаса руссун рук1ин. **Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас капураб къавм т1обит1уларо х1акъаб исламияб диналда.**

أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ طَبَعَ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ وَسَمْعِهِمْ وَأَبْصَٰرِهِمْ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْغَٰفِلُونَ ﴿١٠٨﴾

**108. Гьел руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидер рак1азда мугьру ч1варал, жидер г1иналда ва бералда мугьру ч1варал. Гьезда х1акъаб жо лъаларо ва гьелдаса гьапуллъун**

**рук1уна.** Дунял бокьиялъ гьел ахираталдаса гъапул гьарун руго.

لَا جَرَمَ أَنَّهُمْ فِي ٱلْـَٔاخِرَةِ هُمُ
ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿١٠٩﴾

**109. Х1акъаб жо буго гьал г1адамал ахираталда ц1акъ ч1орого хут1арал рук1ин. Гьез ахираталда батулеб лъик1аб г1амал гьабич1елъул.**

Муртад абула иман лъун бук1ун хадуб куфруялде арав чиясде. Гьел г1адамал ц1акъго г1адада хварал руго. Т1адег1анав Аллагьас ﷻ гьезие анлъго сипат гьабуна гьаб анлъго аяталда жаниб: Аллагьасул ﷻ ццим бахьи, къиямасеб къоялъул гучаб г1азаб гьабизе бук1ин. Жидеца ахираталдаса дунял т1аса бищун бук1ин. Гьезие Аллагьасул ﷻ т1орит1ел бук1унареблъи. Гьезул рак1азда, г1иналда ва бералда мугьру ч1ван бук1ин. Гьел гьапулал г1адамал рук1ин.

ثُمَّ إِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِينَ هَاجَرُوا۟ مِنۢ بَعْدِ
مَا فُتِنُوا۟ ثُمَّ جَٰهَدُوا۟ وَصَبَرُوٓا۟ إِنَّ
رَبَّكَ مِنۢ بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١١٠﴾

**110. Цинги х1акълъунго дур бет1ергьанас ﷻ мунагьал чурана ва гьев т1аса лъугьана Маккаялда ругеб мехалъ жидее зулму гьабулел рук1арал, цинги гьижра гьабун Мадинаялде рач1арал, Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гъазаватги гьабурал ва гьесул диналъе г1оло жидеда щвараб къварилъиялда сабруги гьабурал г1адамаздаса. Х1акълъунго дур Бет1ергьан гьезда гурх1улев ва гьезул мунагьал чурулев вуго.**

۞ يَوْمَ تَأْتِى كُلُّ نَفْسٍ تُجَٰدِلُ عَن
نَّفْسِهَا وَتُوَفَّىٰ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ وَهُمْ
لَا يُظْلَمُونَ ﴿١١١﴾

**111. Дуца умматалъе бице, Мух1аммад ﷺ, гьеб къиямасеб къоялъул хабар. Щибаб напс жиндирго ургъел гьабун ва жиб г1азабалдаса хвасарлъизе бокьун бач1унеб.**

Цоги щибго жоялъул ургъел гьеч1ого, кинабго агьлу-хъизан, гьудул-гьалмагъ к1очон. Х1атта жиндир лъимал-хъизан жужах1алде лъугьинарунги жив хвасарлъизе бокьун. **Гьеб къоялъ щибаб напсалъе жинца гьабураб г1амалалъухъ жазаъ гьабула ва цониги напсалъе зулмуги гьабуларо.** Квешлъи т1аде ц1ик1к1изабуларо, лъик1аб г1амал нукъсан гьабуларо.

وَضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا قَرْيَةً كَانَتْ ءَامِنَةً
مُّطْمَئِنَّةً يَأْتِيهَا رِزْقُهَا رَغَدًا مِّن كُلِّ
مَكَانٍ فَكَفَرَتْ بِأَنْعُمِ ٱللَّهِ فَأَذَٰقَهَا ٱللَّهُ
لِبَاسَ ٱلْجُوعِ وَٱلْخَوْفِ بِمَا كَانُوا۟
يَصْنَعُونَ ﴿١١٢﴾

**112. Т1адег1анав Аллагьас мисал бачунеб буго,** ва гьелдалъун ваг1загин гьабулеб буго г1акълу бугел чаг1аца жиндаса пайда босизе. **Цо росдал мисал буго гьеб: жиб къварилъиялдаса божараблъун бук1араб, жиндир агьлуги рак1 х1алхьун г1одоре риччан**

**рукlараб. Жидехъе ризкъиги бачlунеб букlараб кинабго рахъалъан гьарзаго ва щибго жидеда гlакъуба бихьичlого. Цинги жидеца Аллагьасул ﷻ ниглматазда инкар ккурал, гьесие щукру гьабичlел ва гьесда иман лъечlел. Цинги Аллагьас ﷻ гьезда чlамизабураб хlинкъиялъул ва ракъиялъул гlазаб, гьез гьабураб квешаб гlамал сабаблъун.** Аллагьасде ﷻ гlассилъи сабаблъун ва гьесул ниглматазе щукру гьабунгутlиги сабаблъун.

Рази абулев гlалимас абуна: «Гьаб мисал буго Маккаялъул агьлуялъе бачараб. Гьел рукlана Аллагьас ﷻ жиндилъ божилъи гьабураб Маккаялда, жиндир ризкъиги гlатlидаб, щиб жо къваригlаниги, гьеб жидеда тlадеги бачlунел, жидер нацсалги гlодоре риччан, хlалхьон ругеб. Гьелдаги тlаде Аллагьас ﷻ цlакъго кlудияб ниглмат кьуна Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухlаммад авараг витlун жидедаго гьоркьоса. Цинги жидеца гьесда инкар ккун, гьесие цlакъ кlудиял къварилъабиги гьаруна. Тlадегlанав Аллагьас гьезие гlазаб гьабуна анкьго соналъ тlатlалаго цlад къотlизабун, хур-хер бижизабичlого, жидеца балкан кванаялде ва рукьби кванаялде ккана гьезул амру»-абун.

**113. Хlакълъунго гьезухье Аллагьасул расул вачlана жидедаго гьоркьоса, гьез гьев гьереси гьавуна. Гьел гlазабалъги ккуна жидеца зулму гьабулеллъун ругеб хlалалъ.**

وَلَقَدْ جَآءَهُمْ رَسُولٌ مِّنْهُمْ فَكَذَّبُوهُ فَأَخَذَهُمُ ٱلْعَذَابُ وَهُمْ ظَٰلِمُونَ ﴿١١٣﴾

Жидеда аслуги насабги лъалев, жиндир ритlухълъи ва рацlцlалъиги лъалев Мухlаммад ﷺ, аварагlъун витlараб мехалъ, жидеца гьесда инкар ккуна, жегиги гьесда тlад махсаро гьабуна ва гьесие гlазаб къварилъи гьабуна. Цинги гьезда тlаде дунялалдаго балагьал рачlана: ракъи бачlана, хадуб хlинкъиги бачlана. Бадруялда жидер церехъаби чlвана, ахирги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Макка бахъун гьел гlодорегlанлъана. Ахираталда жидее абадияб жужахlалъул гlазабги букlине буго.

114. Нужее гьаб мисалги бачиндал, гьал инкарчагlазе цебехун букlараб ва хадуб букlинесеб гlазабги бициндал, нуж хlинкъа Аллагьасде ﷻ гlасилъизе. Нужеца Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гlибадат бацlцlад гьабе. **Аллагьас ﷻ нужее кьураб хlалалаб, бацlцlадаб ризкъиги кванай ва гьесие гьел**

فَكُلُوا۟ مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُ حَلَٰلًا طَيِّبًا وَٱشْكُرُوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ﴿١١٤﴾

**нигlматазда данде щукруги гьабе. Нуж Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабулеллъун ратани,** гьесул амру-нагью тlубан хьваде.

إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةَ وَالدَّمَ وَلَحْمَ الْخِنزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ فَمَنِ اضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١١٥﴾

**115. Хlакълъунго Аллагьас нужее кваназе хlарам гьабун буго капурго хвараб жо, биги хlарам гьабуна, болъонил гьанги хlарам гьабуна, жинда тlад Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гуресул цlар бахъун хъураб жоги хlарам гьабуна.**

Цо ханасул, цо хъанчалъул, яги цо хlакимасул цlаралда хъураб жо буго гьеб. Гьедин хъвезе хlарамаб буго, гьедин хъуралъул гьан кваназеги хlарамаб буго. Гьедин жо хъурав чиги ширкалда ккарав чи вуго.

**Жив вакъун чара тlагlарав чиясе бегьула гьел хlарам гьабурал жалаздаса жиндир рухl хвасар гьабизегlанаб къадар кваназе.** Гьев чиги гlадамазе зулму-хlал гьабулев, гъачагълъи гьабулев вукlине бегьуларо. Жинца хlарамаб жо гьабулев чиясе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рухсаби (бигьалъаби) хlалаллъуларо. **Хlакълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жив гурхlулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

وَلَا تَقُولُوا لِمَا تَصِفُ أَلْسِنَتُكُمُ الْكَذِبَ هَٰذَا حَلَالٌ وَهَٰذَا حَرَامٌ لِّتَفْتَرُوا عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ إِنَّ الَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ لَا يُفْلِحُونَ ﴿١١٦﴾

**116. Нужеца лъалареб жо бицун, нужеего бокьараб сипатги гьабун: гьаб жо хlалалаб буго, гьаб цояб хlарамаб буго абуге, я гьал мушрикал. Гьеб хабаралдалъун нужеца Аллагьасдеги جَلَّجَلَالُهُ гlунтlизабун гьереси бицунеб буго.**

Жинца хlалал гьабулев ва хlарам гьабулев цохlо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурони гьечlо. **Хlакълъунго гьедин Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гlунтlизабун гьереси бицунел гlадамазул лъикlлъиялда кверщел батуларо, гьезие дунял-ахираталъул бахьибуголъиги щоларо.**

مَتَاعٌ قَلِيلٌ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١١٧﴾

**117. Гьаб дунялалда дагьабго заманаялъ мунпагlат босула гьел капурал ва мушрикал гlадамаз, цинги ахираталда гьезие жинца унтизе гьабулеб жужахlалъул гlазаб букlуна.**

وَعَلَى الَّذِينَ هَادُوا حَرَّمْنَا مَا قَصَصْنَا عَلَيْكَ مِن قَبْلُ وَمَا ظَلَمْنَاهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿١١٨﴾

**118. Ягьудиязе дица хlарам гьабуна, Мухlаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, цебе дуда бицараб жо.**

Суратул англaмалда бицана гьезие тlатlиги хlарам гьабуна абун, малъ бугеб жоги

хlарам гьабуна абун, ай цо малъ бугеб хьвани, варани хlарам гьабуна ягьудиязе. **Дица гьезие щибго зулму гьабичlо. Кинниги гьел руголъана жидеца напсазе зулму гьабулеллъун.** Гьез жидецаго хlарам гьабуна гьеб ва дица гьез хlарам гьабураб хlалалъ тана.

ثُمَّ إِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِينَ عَمِلُوا۟ ٱلسُّوٓءَ بِجَهَٰلَةٍ
ثُمَّ تَابُوا۟ مِنۢ بَعْدِ ذَٰلِكَ وَأَصْلَحُوٓا۟ إِنَّ رَبَّكَ مِنۢ
بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١١٩﴾

**119. Дур Бетlергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **тlаса лъугьуна, Мухlаммад** ﷺ**, жидеца квешаб гlамал гьабурал гlадамаздаса, жидеда гьеб жо хlарамаб букlин лъачlого, цинги жидеца тавбу гьабурал ва лъикlаб гlамалги гьабурал. Хlакълъунго гьедин тавбу гьабун ва лъикlаб гlамал гьабун хьвадарал гlадамазда гурхlулев, гьездаса тlаса лъугьунев вуго дур Бетlергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.**

إِنَّ إِبْرَٰهِيمَ كَانَ أُمَّةً قَانِتًا لِّلَّهِ حَنِيفًا وَلَمْ
يَكُ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿١٢٠﴾

**120. Хlакълъунго Ибрагьим** عَلَيْهِ السَّلَامُ **авараг вукlана жинда гlадамал нахърилълъунев имамлъун.** Жинца киналго лъикlал гlамалалги данде гьарурав. Гьединав вукlиналъ гьесда цlарги буго «Халилуллагь» абун. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гьудул абураб магlна буго гьеб рагlиялъул. **Цlакъ Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мутlигlавги вукlана.** Гьесул амру тlубаялда тlадчlей гьабулевги вукlана. **Кинабго батlулаб диналдаса вуссун хlакъаб динул исламалда чlаравги вукlана. Ва гьев Ибрагьим авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **жинца ширк гьабулев вукlинчlо** ва жидеца ширк гьабулел ягьудияздаса, яги насранияздаса вукlинчlо. Гьаб рагlи абуна гьел мушриказул Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ягьудияв вукlана, насранияв вукlана абураб рагlи нахъчlван.

شَاكِرًا لِّأَنْعُمِهِ ٱجْتَبَىٰهُ وَهَدَىٰهُ إِلَىٰ
صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿١٢١﴾

**121. Жинца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нигlматазда щукру гьабулевлъунги вукlана гьев Ибрагьим** عَلَيْهِ السَّلَامُ **авараг. Тlадегlанав Аллагьас гьев тlаса вищана авараглъи кьеялъе ва исламияб диналда тlовитlаравлъунги вукlана.** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гlибадат бацlцlад гьабулевлъунги вукlана.

وَءَاتَيْنَٰهُ فِى ٱلدُّنْيَا حَسَنَةً وَإِنَّهُۥ فِى ٱلْءَاخِرَةِ
لَمِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿١٢٢﴾

**122. Дунялалъул рукъобги дица Ибрагьим аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **лъикlлъи кьуна ва лъикlаб рехсей кьуна. Хlакълъунго ахираталъул рукъовги гьев лъикlал чагlаздаса вуго:** Тlадегlанал макъамазда рукlунел аварагзабаздаса вуго. Дунялалъул

рукъоб Ибрагьим аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ бугеб лъик1лъи г1еларищха Исламияб дин жиндаса байбихьарав гьев вук1ин, жиндаса хадур ругел киналго диназулъ жив веццарав, жиндаса мисал босулев вук1ин. Кинабго халкъалъул Сайидлъун вугев Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ авараг гьесул наслуялдаса вук1ин. Щибаб какилъ кинавго муъминчияс хирияв Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасда цадахъ жиндаги свалат бит1улев вук1ин. Аллагьасул свалат салам лъеги гьев Ибрагьим аварагасда.

ثُمَّ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ أَنِ ٱتَّبِعْ مِلَّةَ إِبْرَٰهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿١٢٣﴾

**123. Цинги дица дудаги вах1ю гьабуна, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, мун гьев Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ диналда нахъвилълъа абун. Кинабниги бат1улаб жоялдаса бацlцlадаб исламияб диналда нахъвилълъа абун. Гьев Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг жидеца ширк гьабулел г1адамаздаса ва гьезул диналда вук1инч1о.**

Гьев жидер диналда вук1ана абулел ягьудиязул ва насраниязул раг1иги гьересияб раг1и буго.

إِنَّمَا جُعِلَ ٱلسَّبْتُ عَلَى ٱلَّذِينَ ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَحْكُمُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿١٢٤﴾

**124. Х1акълъунго щамат къоялъ х1алт1и-пиша гьабунгут1и ва гьеб къо к1одо гьаби Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ диналдаса жо бук1инч1о. Гьеб шамат къоялъул х1укму буго ягьудиязе тамих1 гьабун гьезда т1ад лъун бук1араб х1укму.** Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гьел г1асилъараб мехалъ, гьесул амру-нагьюги тараб мехалъ гьезие г1акъуба гьабун шамат къоялъ ччуг1а кквей х1арам гьабун бук1ана. Гьеб х1арамлъиги хвезабун жидеца ччуг1а ккурал г1адамалги маймалакаллъун ва болъоналлъун сверизарун гьалаг гьаруна.

**Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, къиямасеб къоялъ цоцаде хилиплъун рук1арал умматазда гьоркьоб х1укму гьабулев.** Х1акъаб ва бат1улаб диналда рук1арал рат1а гьарулев ва щивасул г1амалалда рекъараб жазаъги гьабулев. **Жиндилъ хилиплъун рук1араб жоялъулъ.**

ٱدْعُ إِلَىٰ سَبِيلِ رَبِّكَ بِٱلْحِكْمَةِ وَٱلْمَوْعِظَةِ ٱلْحَسَنَةِ وَجَٰدِلْهُم بِٱلَّتِى هِىَ أَحْسَنُ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَن ضَلَّ عَن سَبِيلِهِۦ وَهُوَ أَعْلَمُ بِٱلْمُهْتَدِينَ ﴿١٢٥﴾

**125. Дуца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде г1адамал ах1е, Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, г1акъилал г1елмиял х1ужабаздалъун ва берцинаб каламалдалъунги.** Гьезда гурх1ел гьабун, тамахго ва х1еренго ах1е гьел Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман

лъеялде.

Гьезда бич1ч1улеб мац1алъ, гьезие асар лъугьунеб пасих1лъиялда гьабе ваг1за-насих1ат. Хъач1го к1алъан, рек1ел сог1лъи бихьизе гьабун, гьел х1инкъизарун ах1уге Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде.

Жидер къадру-къимат к1удиял ханзаби ва х1акимзаби гьезул г1акълуялда рекъараб насих1ат гьабун ах1е диналде. Цогидал г1адамазда гьезул г1акълуялда рекъараб мисал бачун, кици т1амун, гьезул рек1елъе унеб ва бич1ч1улеб мац1алдалъун ах1е диналде. Жидехъ т1ехь рещт1ун гьеб ц1ализе лъалел г1адамаздаги гьезда релълъараб хабар бице, амма даг1ба-къец гьабун, цоцазде рогьо бан, рак1 хвезабулеб жо бицунге. Гьединаб хабаралъ инсан мук1ур гьавуларо ва гьев х1акъаб жоялде вач1унаро.

**Диналде рач1инч1ел, гьеб диналъул х1акъалъулъ дудехун бах1с гьабулел г1адамазеги лъик1аб берцинаб мац1 бице** ва х1ужа-далил бачун к1алъай. Гьездаги гурх1ел ва тамахлъи бихьизабе. Гьединаб берцинаб т1абиг1аталъ г1адамал диналде ах1иялъе квербакъи гьабула.

**Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъик1 лъалев вуго х1акъаб диналда ругел, гьеб диналда ч1олел г1адамазул т1абиг1ат-х1ал. Гьединго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъик1 лъала х1акъаб диналдаса къосарал г1адамазул х1алги.** Дуда к1оларо гьел г1адамал т1орит1изе. Дуда т1адаб жо буго гьел диналде ах1и. Гьел т1орит1и ва ахираталда гьезие жазаъ гьабиги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ т1ад буго.

وَإِنْ عَاقَبْتُمْ فَعَاقِبُوا۟ بِمِثْلِ مَا عُوقِبْتُم بِهِۦ ۖ وَلَئِن صَبَرْتُمْ لَهُوَ خَيْرٌ لِّلصَّـٰبِرِينَ ﴿١٢٦﴾

**126. Нужедехун зулму гьабурал г1адамазе Нужеца г1акъуба гьабулеб бугони,** гьеб г1акъуба г1орхъолъан борч1араб, шарг1алда хилипаб х1алалъ гьабуге. **Нужее гьабуралда релълъараб гьабун къисас босе. Ва амма нужеца сабру гьабуни ва нуж т1аса лъугьани, гьеб лъик1 буго** ва ахираталда батулеб, гьениб ажру-кири щолеб жо буго.

Тафсиралъул г1алимзабаца абуна: Гьаб аят рещт1ине гьабуна жинда Аллагь разилъаяв Х1амзат асх1абасул х1акъалъулъ. Ух1удалда мушрикаца гьев ч1вадал, жидеца гьесул чехь багьизабун гьесул рак1-т1ул къот1ун бук1ана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьа гьедун абун бук1ана: *«Дир гьел мушриказда кверщел батани, дица гьезул лъабкъоялда анц1го чиясул чехь бихъизабила»* - абун. Гьаб аят рещт1инабун хадуб, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьел

мушриказул жаназабазе щибго жо гьабич1о. Х1адис Базарица бицана.

وَٱصۡبِرۡ وَمَا صَبۡرُكَ إِلَّا بِٱللَّهِۚ وَلَا تَحۡزَنۡ عَلَيۡهِمۡ وَلَا تَكُ فِي ضَيۡقٖ مِّمَّا يَمۡكُرُونَ ١٢٧

**127.** Бищунго лъик1аб буго сабру гьабизе ва т1аса лъугьун тезе к1вани. Гьадин бугелъул: «**Дуца сабру гьабе, Мух1аммад ﷺ, гьеб сабру гьабиги бук1унаро Аллагьас ﷻ дуе тавпикъ гьабун гурони. Капурзабаца дуе гьабулеб къварилъиялда ва гьез иман лъолеб гьеч1о абун дур рак1ги къварилъуге. Гьез дуде данде гьабулеб макруги гьезул жагьиллъи-ах1макълъиги дур керен къварилъиялъе сабаблъун гьабуге.**

Дуца дуда т1адкъараб х1алалъ рисалат т1обит1е. Гьелдасан хадуб бугеб жо Аллагьасде ﷻ т1амун те.

إِنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَواْ وَّٱلَّذِينَ هُم مُّحۡسِنُونَ ١٢٨

**128. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жиндир г1азабалдасан х1инкъарал, жив разилъи т1алаб гьабун г1ибадат гьабулел муъминзабигун цадахъ вуго**. Жинца гьезие квербакъулевлъун ва гьезул амруялъе валилъунги. **Гьел муъминзаби руго Аллагьасда ﷻ аск1ор жал лъик1аллъун ругелги.**

Аллагьасул ﷻ квер бакъи ва ц1уни жидее бугел г1адамал руго гьел. Капурзабазул макруялъ жидее зарал гьабуларелги руго.

Аллагьасул ﷻ квербакъиялдалъун Сурату Ннах1лиялъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Т1адег1анав Аллагьасе буго кинабго рецц ва щукру.

# 17. Суратул Исраъ

سُورَةُ الإِسْرَاءِ

*Маккаялда решт1инабураб, жинда жаниб нусиялда анц1ила цо аят бугеб.*

*Маккаялда рещт1ине гьабураб сурат бугелъул, гьалда жанибги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялъул, аварагльиялъул, ахираталъул бицунеб буго. Бищунго к1вар бугеб жо буго гьаб сураталда жаниб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул т1абиг1атал рицин, гьесие ругел муг1жизатал рицинги. Сураталда ц1ар лъураб муг1жизат буго аварагصَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ миг1ражалде вачин. Исраъ абураб раг1иялъул маг1на буго сардилъ цо бак1алде ин абураб.*

*Миг1ражалде араб сордоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда Бет1ергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалъул г1емерал г1ажаибал жал рихьана, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталда ва гьесул мулкалъул г1ат1илъиялда ва к1одолъиялда т1орит1ел гьабулел г1аламаталги рихьана.*

*Гьединго гьаб сураталда жаниб бануисраилазул къисса бицунеб буго, гьез гьарурал пасалъаби ва г1асилъаби сабаблъун гьел ракьалда т1ад цо бак1алдаса цоги бак1алде къот1иги бицунеб буго. Зобал ракьазда ругел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналде т1орит1ел гьабулел г1аламатал рицун руго. Исламияб жамаг1аталъул х1ал рекъей ва цоцаде рокьа-хинлъи бук1ине ккейги бицун буго, киналго умматазе ва къавмазе мисалияблъун бук1ине исламияб жамаг1ат ва бусурбаби.*

*Мушриказул бицен гьабун буго, гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лъимал-хъизан бук1ин ч1ч1езабун бицунеб гьереси нахъч1ван буго. Къиямасеб къо бач1ине бук1ин, х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе бук1ин, гьеб амру Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталда ва х1алк1олъиялда гъоркь бук1иналъе далилал рицун руго.*

*Сураталъул ахиралдаги Аллагьасде ширк гьабулеб жоялдаса гьев вац1адав вук1ин, мушрикаца гьарулел жиндие мукъсанлъи т1ад гьабулел сипатаздаса т1адег1анав вук1ин бицун буго. Къуръаналъе тафсир гьабурал г1емерисел г1алимзабаца гьаб сураталда жанир Т1адег1анав Аллагьасул ц1арал рехсон ругелъул, гьаб таржамаялда жанибги гьесул ц1арал рицун, гьезул баян гьабун буго. Гьел ц1арал машгьурал руго: «Асмауллагьил х1усна» - абун.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

سُبْحَانَ الَّذِي أَسْرَىٰ بِعَبْدِهِ لَيْلًا مِّنَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ إِلَى الْمَسْجِدِ الْأَقْصَا
الَّذِي بَارَكْنَا حَوْلَهُ لِنُرِيَهُ مِنْ آيَاتِنَا ۚ إِنَّهُ
هُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ﴿١﴾

1. **Жив Вац1ц1адав ва Т1адег1анав вуго Аллагь, жиндир лагъ Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **авараг, сардил цо дагьабго заманаялда жанив Масжидул х1арам –** Маккаялда бугеб Каг1ба рукъалдаса Байтул-мукъадасалда **Палестиналда бугеб Масжидул акъсаялде вачарав.**

Гьеб к1иябго масжидалда гьоркьоб к1икъого сордоялъ вилълъун унеб нух буго. Гьаб х1алк1олъи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ загьир гьабун бугелъул ва гьаб иман лъеч1ел г1адамал жинда божулареб хабар бугелъул, Субх1аналлагьи абураб раг1иялдалъун байбихьи гьабуна гьаб аяталъе ва сураталъе. Аллагь вац1ц1адав ва т1адег1анав вуго мушрикаца ва капурал г1адамаз жинда г1унт1изе гьарулел г1айибаздаса ва жиндие мукъсанлъи бач1унел сипатаздаса. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир х1алк1олев вуго сардил цо дагьабго заманаялда жаниб к1икъого сордоялъул нухалъ рик1к1ада бугеб бак1алдеги вачун, цинги гьениса инсанасул г1акълу-лъай хадуб гьолареб манзилалъ рик1к1ад зобалаздеги вачун, гьениб г1емераб г1ажаибаб жоги бихьизабун хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьебго сардилъ, жив т1ад вегун вук1араб бусен ц1оролелдего рокъове вачарав.

Киг1анго капурал г1адамаца иман лъеч1ониги, Т1адег1анав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир махлукъаталъул тадбир жиндие бокьухьин гьабулев вуго ва жиндие бокьараб жо гьабизе х1алк1олев, гьелдаса жив щибго жоялъ нахъги ч1валарев вуго.

**Гьаб «Масжидул-акъса» буго дица жиб бугеб ракь ц1акъ баракатаблъун гьабураб.** Бищунго к1удияб баракат буго гьеб ракь бук1ин г1емерал аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ т1ад хьвадараб, гьел аварагзабахъе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ вах1ю босун малаикзаби решт1араб. Гьединго гьеб ракь буго дунялалъул ниг1матал г1емераб, ах-хур гьарзаяб, гьава-бакъ рекъараб «Шам» абун жинда ц1ар бугеб ракь.

Дица Мух1аммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ сардилъ зобалазде вачана **гьесда рихьизаризе дир махлукъаталъул г1ажаибал жал.** Зобалазул махлукъат гьесда бихьизабизе. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда анкьалго зобал рихьана, алжан-жужах1 бихьана. Сидратул мунтагьаги бихьана. Гьеб буго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ г1агарлъулеб макъам, гьелдаса т1адехун инсанасе гьесда г1агарлъизе рес гьеч1еб.

Гьединго малаикзаби рихьана, аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рихьана. Гьел гурелги г1ажаибал жал рихьана, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудраталде жидеца т1орит1ел гьабулел.

**Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь жинда кинабго жо раг1улев вуго,** гьев Мух1аммад аварагасул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ раг1иги жинда раг1улев вуго. **Жинда кинабго жо бихьулевги вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**,** гьев Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасул г1амал-пишаги жинда бихьулев вуго. Гьедин бугелъул т1адег1анав Аллагьас жинда свалат салам лъеяв авараг хас гьавуна гьаб Миг1ражлъун бугеб к1удияб ниг1маталда ва муг1жизаталда.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг Миг1ражалде иналъул х1акъалъулъ г1емерал асх1абзабаца рицарал кьуч1ал х1адисал руго. Дица гьаб бак1алда, иншааллагь Жалалалда т1ад бугеб х1адис бицина. Гьеб буго жинда Аллагь разилъаяв имам Муслимица бицараб х1адис. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Дихъе буракъ бачун бач1ана. Гьеб буго х1амилалдаса черх к1удияб, г1орц1еналъулалдаса черх гьит1инаб, хъах1аб кьералъул х1айван, жиндир бер щвараб бак1алда жинца х1ет1е лъолеб (ц1акъ лебалаб) Дун гьеб буракъалда т1ад рек1ана ва гьелъ дун сардилъ вачана Байтулмукъадасалде. Гьениб дица буракъ бухьана аварагзабаца* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *жидер рек1унеб жо бухьунеб бук1араб горалда. Цинги дун масжидалде жаниве лъугьана ва гьениб дица к1иго ракаг1ат какги бана.*

*Гьеб масжидалдаса дун къват1иве вахъиндал, Жабраил* عَلَيْهِ السَّلَامُ *малаик вач1ана к1иго ц1араг1и босун цоялда жаниб рахь бугеб, цоялда жаниб жа бугеб.* (Гьеб к1иялъулго цоялаб гьекъезе изно кьуна дие) *Дица рахь бугеб ц1араг1 т1аса бищана. Жабраилас абуна: «Мун вит1ун кканаха, дуца жа т1аса бищарабани дур умматалъе квеш бук1илаан»-абун. Цинги дунги вачун Жабраил дунялалъул зобалде вахана ва гьес рагьо рагьи т1алаб гьабуна. Цо гьикъулев чияс гьикъана мун щив абун. Жабраил вуго абуна. Мунгун цадахъ щив вугев абуна. Мух1аммад* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *вуго абуна. Гьев авараглъун вит1унищха вугев абуна. Вит1ун вуго абуна. Цинги нижее зоб рагьана ва дун Адам аварагасде* عَلَيْهِ السَّلَامُ *т1аде щвана Гьес дида марх1аба абуна (салам кьун дун к1одо гьавуна) ва дие лъик1аб дуг1аги гьабуна.*

*Цинги Жабраил дунги вачун к1иабилеб зодове вахана.* (Цебесеб бицараб х1алалъ зоб рагьиялъул хабар буго гьаб бак1алда ва хадубги. Дица къокълъи т1алаб гьабун хъвач1ого тана) *Дида гьенив эбелдахъа вацг1алзаби Ях1я ва Г1иса авараг* عَلَيْهِمَا السَّلَامُ *ратана* (Марьямил яцалъул

вас вуго Ях1я авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ) *Гьезги дида марх1аба абуна ва дие лъик1аб дуг1а гьабуна. Цинги ниж лъабабилеб зодоре рахана. Гьенив дида Юсуп авараг* عَلَيْهِ السَّلَامُ *ватана ва гьев Юсуп аварагасе* عَلَيْهِ السَّلَامُ *берцинлъиялъул цо бут1а кьун бугоан. Гьесги дида марх1аба абуна ва лъик1аб дуг1а гьабуна. Цинги Жабраил дунги вачун ункъабилеб зодове вахана. Гьенив дида Идрис авараг* عَلَيْهِ السَّلَامُ *ватана. Гьесги дида марх1аба абуна ва дие лъик1аб дуг1а гьабуна.*

*Цинги ниж щуабилеб зодоре рахана. Гьенив дида Гьарун авараг* عَلَيْهِ السَّلَامُ *ватана. Гьесги дида марх1аба абуна ва дие лъик1аб дуг1а гьабуна. Цинги ниж анлъабилеб зодоре рахана. Гьенив дида Муса* عَلَيْهِ السَّلَامُ *авараг ватана. Гьесги дида марх1аба абуна ва лъик1аб дуг1а гьабуна. Цинги ниж анкьабилеб зодоре рахана. Гьанив дида Ибрагьим* عَلَيْهِ السَّلَامُ *авараг ватана. Гьев г1одов ч1ч1ун вугоан Байтул-маг1муралда мугъги ч1ван. Гьеб Байтул-маг1муралда жанир щибаб къоялъ лъабкъоялда анц1азарго малаик лъугьунев вуго Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *г1ибадат гьабизе. Гьел малаикзаби т1ок1ал т1адруссунги рач1унел гьеч1о* (ай щибаб къоялъ бат1и-бат1ияв лъабкъоялда анц1азар малаик вач1унев вуго. Гьаб Байтул-маг1мур Каг1ба рукъ данде бит1ун т1аде анкьабилеб зодоб бугеб рукъ буго жинда малаикзабаца т1авап гьабулеб, Каг1ба рукъалда муъминзабаца т1авап гьабулеб г1адин)

*Цинги дунги вачун Жабраил* عَلَيْهِ السَّلَامُ *малаик Сидратул мунтагьа абулеб бак1алде ана. Гьеб гъвет1алъул т1анхал пилалъул г1ундузда рельлъун руго, гьеб гъвет1алъул пихъалги ч1ах1иял г1артазда (сах1азда) рельун руго. Т1адег1анав Аллагьас гьеб гъвет1алда жиндир цо г1аламат бихьизабураб мехалъ, г1ажаибаб берцинлъи лъугьуна гьелъул, цониги чиясда жиндир берцинлъиялъе сипат гьабизе к1олареб х1алалъ.*

*Цинги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дида вах1ю гьабуна жинца вах1ю гьабураб жо ва дида щибаб сордо-къоялъ к1икъоялда анц1го как базеги паризаяблъун гьабуна. Цинги дун г1одове рещт1ун Муса аварагасде* عَلَيْهِ السَّلَامُ *т1аде щвана. Гьев Муса аварагас* عَلَيْهِ السَّلَامُ *абуна: «Дур Бет1ергьан Аллагьас дур умматалда щиб жо парз гьабураб?» - абун. Дица абуна щибаб сордо-къоялъ к1икъоялда анц1го как парз гьабуна абун. Мусаца абуна: «Мун т1адвуссун а дур Бет1ергьанасухъе ва гьесда гьаре бигьалъи гьабе абун. Х1акълъунго дур умматалъул х1алк1оларо гьеб парз т1убазе. Дица бануисраилазул х1албихьиги гьабуна ва гьезул х1алги дида лъана» - абун.*

*Цинги дун Бет1ергьан Аллагьасухъе* جَلَّجَلَالُهُ *т1адвуссун ана ва дица абуна: «Я дир Бет1ергьан! Дуца дир умматалъе бигьалъи гьабеян» - абун. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дидаса щуго как т1аса бахъана. Цинги дун Муса*

*аварагасде عَلَيْهِ السَّلَامُ аск1ове щвана ва гьес гьикъана щиб жо гьабураб абун. Дица абуна щуго как т1аса бахъана абун. Мусаца абуна: «Дур умматалъул х1алк1оларо гьеб амру т1убазе. Мун гьанжеги а Бет1ергьанасухъе бигьалъи гьабеян гьаризе»-абун.*

*Гьедин т1адвуссун ун дида т1ад щуго как хут1ана ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Я Мух1аммад صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Гьеб щуго как буго дуе щибаб сордокъоялъ, цо-цо какалъул кири анц1го как барабг1ан бугеб. Гьебги к1икъоялда анц1го как буго. Дур умматалдаса щив чи вугониги цо лъик1аб г1амал гьабизе къасд гьабурав ва гьеб г1амал гьабич1ого хут1арав, дица гьесие лъик1аб г1амалалъул кири хъвала. Гьеб лъик1аб г1амал жинца гьабуни дица гьесие анц1го лъик1лъи хъвала. Цо квешаб г1амал гьабизе къасд гьабуни ва жинца гьеб г1амал гьабич1они, дица гьеб г1амал хъваларо. Нагагь гьес квешаб г1амал гьабуни дица цо квешаб г1амал хъвала» - абун.*

*Цинги дун г1одове рещт1ана Муса аварагасде عَلَيْهِ السَّلَامُ щвезег1ан ва гьесда гьеб хабар бицана. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Мун дур Бет1ергьанасухъе а ва дуца дур умматалъе бигьалъи гьаби гьаре. Дур умматалъул х1алк1оларо гьеб амру т1убазе» - абун. Дица абуна: «Дун г1емер ана дир Бет1ергьанасухъе бигьалъи гьабе абун гьарун, гьанже дун нечолев вуго»* - абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьелда цебесеб сордоялъ макьилъ бихьана лъабго чи вач1ун жив цо бак1алде вачине х1адурулел ругеб г1адин. Гьеб сордоялъ авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ масжидул х1арамалда кьижун вук1ана. Хадусеб сордоялъги гьел г1адамаз вачун авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ зам-зам лъим бугеб бак1алда аск1ов лъуна. Цинги Жабраил малаикас жиндир керен ссуна ва гьениб жаниб бугеб бак1 ва рак1 зам-замалъ чурана. Хадуб меседил т1арс ц1ун бач1ун г1елму ва х1икмат гьесул каранда жаниб лъуна ва данде бач1ун бук1араб х1алалъ ссураб бак1 сахлъана.

Гьалдаса хадув вачана Жабраил малаикас Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг Буракъалдаги рек1инавун Филаст1иналда бугеб Байтул-мукъадас абулеб масжидалде щвезег1ан, гьениса анкьабилеб зобалдасаги т1адег1ан бугеб Сидратул-мунтагьа абураб бак1алде щвезег1анги. Авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ миг1ражалде ин жиндир черхалдалъун ва рух1алдалъун бук1ана, гьеб иш макьу бук1инч1о. Зобалаздаса гъоркье щвараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас масжидул акъсаялда жаниб как бана, гьесда нахърилълъун аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рук1ана. Гьеб рогьалил как бук1ана абуна цо г1алимзабаца.

Цинги Маккаялде щведал Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Каг1ба рукъалда аск1ов г1одов ч1ч1ун ц1акъ пащманго вук1ана, къурайшияз жив гьереси гьавизе вук1ин лъан. Къурайшиял гьесда т1ад релъанхъана гьес жив зобалазда ун т1ад вуссанаян абураб мехалъ. Масжидул акъсаялда щвана абидалго, гьенир щварал г1адамал рук1ун гьез абуна: «бицеха нижеда гьеб масжидалъул сипат»-абун. Аллагьас ﷻ масжидулакъса аварагасда ﷺ ццебе ч1ч1езабуна ва гьелдаги валагьун жинца дозул суалазе жавабги кьуна. Цинги гьеб къавмалъ абуна: «Валлагьи, гьеб масжидалъул сипатал рит1ун рицана Мух1аммадица ﷺ»-абун.

Кин бугониги къурайшияз авараг ﷺ гьереси гьавуна, гьев т1убанго г1адаллъун вугилан абуна. Цо-цо иман лъун рук1арал, амма жидер иман заг1ипал г1адамал муртадлъун лъугьана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1абасда къурайшияз абуна: «Дурго гьалмагъас бицунеб жоялда г1енеккизе а мун. Жив гьаб сардилъ Байтул-мукъадасалде щванаян абулеб буго гьес» - абун. Абубакар асх1абас абуна: «Унго абунищха гьес гьеб раг1и?» - абун. Къурайшияца «Абуна»-ян абидал Абубакарица абуна: «Гьес гьеб раг1и абун батани гьеб бит1араб жо буго, дица гьелда иманги лъола. Гьенисан зодовеги вахана жив абун гьес абуниги дун гьесда божула» - абун.

Гьеб миг1ражалъул хабаралда нилъецаги иман лъола ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьеб сардилъ рихьарал г1ажаибаб ва х1икматал умураздаги иман лъола. Х1акъикъияв иман лъурав чиясул иман бук1ине ккола Абубакар асх1абасул г1адаб камилаб ва щибго щаклъи т1аде бач1унареб. Гьединаб иман лъей гьеч1они рек1елъе вас-вас рехизе щайт1аналъул х1алк1ола ва гьелъ инсанасул рах1ат хвезабула. Аллагьас ﷻ кьеги нилъее камилаб иман ва жив разияб г1амал.

Гьаб масжидул акъса жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абас ягьудиязул ширк гьабулеб ва бат1улаб дин гьабулеб зулмуяб къавмалдаса бац1ц1ад гьабун ц1и гьабун ва к1одо гьабун бан бук1ана. Исламалъул церехъаби дунял т1алаб гьаби ва ханлъи т1алаб гьабиялде машгъуллъараб мехалъ исламалъул тущбаби хъанчил агьлуялда (крестоносцы) к1вана гьеб масжид бусурбабазухъан бахъизе.

Г1емер замана гьоркьоб ун Салах1удин Аюбий абулев мужагьидасул бет1ерлъиялда гьоркь бусурбаца масжидул-акъса ц1идасан цох1о Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабулеблъун гьабуна. 1967 соналъ ягьудияца гьеб масжид бух1ана исламалде ва бусурбабазде бугеб тущманлъиялъул къуваталъ ва Аллагьасде ﷻ г1асилъиялъул гучалъ.

Жакъа къоялда жаниб гьел ягьудияца Палестинаялъул бусурбабазе гьабулеб зулмуги кинабго г1аламалда бихьунеб буго, гьел ягьудиязде данде рагъ гьабизе Т1адег1анав Аллагьас щивав чиясда т1адаблъунги гьабун буго. Гьедин бугониги исламиял пачалихъазул х1акимзаби ва ханзаби щибго жо гьабич1ого г1енеккун ч1ун руго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе г1оло рух1 бичизе къасд бугел г1олохъабазе рес лъугьунеб гьеч1о Палестинаялде ун жигьад гьабизе, гьел исламиял пачалихъазул г1орхъаби рахине гьукъун бук1иналъ ва Палестинаялда сверухъ ягьудиязул къуватаб хъаравуллъи бук1иналъ.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адис буго: *«Къиямасеб къо бач1унаро бусурбабаца ягьудиязда рагъ бан хадуб гурони. Гьел ягьудиял жинда нахъа рахчараб гамач1алъ абизе буго: «Я бусурманчи! Гьале ягьудияв дида нахъа вахчун вуго, дуца гьев ч1вае»* – абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Т1адег1анав Аллагьас бусурбабазул раг1и цо гьабеги, гьезул х1ал рекъезабеги ва Аллагьасулги جَلَّجَلَالُهُ жидерги тущбабазда рагъ гьабизе, ракьалда т1ад цох1о Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони лагълъи гьабулареб х1алалде щвезе тавпикъ кьеги. Гьаб буго Т1адег1анав Аллагьас жиндир лагъзадерида т1ад къараб амру. Гьаб амру т1убаялъе х1алк1вараб жо гьабун жинца х1алкъарав чи вуго жиндие лъик1аб ахират бугев.

وَءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ وَجَعَلْنَٰهُ هُدًى لِّبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَلَّا تَتَّخِذُوا۟ مِن دُونِى وَكِيلًا ﴿٢﴾

**2. Дица Муса аварагасухъе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **Таврат кьуна ва гьеб Тавратги гьабуна жинца бануисраилал жагьлуялъул бец1лъукьан ва куфру-ширкалдаса исламалъул ва г1елмуялъул нуралде рачунеблъун. Гьеб Таврталда жаниб амру гьабуна нужеца дун гурев цоги щивго чи ккоге абун жинда божилъи гьабулев ва нужер амру жинда т1амулев.**

ذُرِّيَّةَ مَنْ حَمَلْنَا مَعَ نُوحٍ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ عَبْدًا شَكُورًا ﴿٣﴾

**3. Дун к1алъалев вуго Нух1 авараггун** عَلَيْهِ السَّلَامُ **цадахъ иман лъун рук1арал г1адамазул зурриялда.**

Дица нужер умумул хвасар гьаруна т1упаналъ гъанкъиялдаса, гьелъул нужеца пикру гьабе ва гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъе. **Х1акълъунго Нух1 авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **вук1ана Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **щукру г1емер гьабулев лагълъун.** Нужги гьев Нух1 аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ нахърилълъа ва Т1адег1анав Аллагьасе щукру гьабе.

وَقَضَيْنَآ إِلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ فِى ٱلْكِتَٰبِ لَتُفْسِدُنَّ فِى ٱلْأَرْضِ مَرَّتَيْنِ وَلَتَعْلُنَّ عُلُوًّا كَبِيرًا ﴿٤﴾

**4. Дица бануисраилазда рещт1инабураб Тавраталда жаниб гьезда бицана ва гьезда лъазабуна**

**жидеца ракьалда т1ад к1иго нухалъ пасалъи гьабизе бугин абун.** Палестиналъул ва гьелда сверухъ бугеб ракьалда гьабулеб пасалъи буго гьеб.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: авалаб пасалъи бук1ана гьел ягьудияз жидер авараг Закария عَلَيْهِ السَّلَام ч1вай. К1иабилеб пасалъи бук1ана Ях1я авараг عَلَيْهِ السَّلَام ч1вай, жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял.

**Ва нуж ц1акъ ч1ух1унги хьвадизе ругин гьаб ракьалда т1ад абун** лъазабуна дица гьезда Тавраталда жаниб. Аварагзабазул бугеб, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бац1ц1адаблъун гьабураб ракьалда нужеца зулму гьабизе буго, биялги г1одоре т1езе руго, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рукъзалги ч1унтизаризе руго абун. Г1иса авараг عَلَيْهِ السَّلَام вахъине 600 сон цебе Бухтанасар абулев мажусияв хан т1аде т1амуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел Бануисраилазда ва гьезул ракьазда. Г1иракъалъул Бабил абураб ракьалдаса байбихьун гьев Бухтанасарица Мавсил абулеб бак1, Сирия, Палест1ина бахъана ва гьезда т1ад магъало лъун бук1ана.

فَإِذَا جَآءَ وَعۡدُ أُولَىٰهُمَا بَعَثۡنَا عَلَيۡكُمۡ عِبَادٗا لَّنَآ أُوْلِي بَأۡسٖ شَدِيدٖ فَجَاسُواْ خِلَٰلَ ٱلدِّيَارِۚ وَكَانَ وَعۡدٗا مَّفۡعُولٗا ٥

**5. Дица бицараб х1алалъ авалаб пасалъи гьабураб мехалъ, дица нужеде т1аде т1амуна дир залимал лагъзал.** Жидер чурхдул къуватал, рагъуе гьунар бугел, рек1елъ иман ва гурх1ел гьеч1ел. Гьаб буго абуна Бухтанасар абулев ханасул ц1адуе лагълъи гьабулеб бук1араб къавм. Гьез ч1ван, асир гьарун, инжит гьарун бануисраилазул рижи т1аг1инабиялде г1агарлъун бук1ана. Байтул-мукъадасги биххизе гьабун бук1ана, гьениб бук1араб бечелъиги нахъе босун бук1ана.

**Гьел г1адамаз нужер росабиги сверун, нуж кир ругониги кодоре щвезарун ч1валелги рук1ана. Гьаб нужее гьабураб зулмуги нужер г1амалалда рекъараб жазаъ бук1ана, Бет1ергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укму къадаралдалъун жиб бугеб,** жиндие хиси гьеч1еб, нахъе буссинги гьеч1еб.

ثُمَّ رَدَدۡنَا لَكُمُ ٱلۡكَرَّةَ عَلَيۡهِمۡ وَأَمۡدَدۡنَٰكُم بِأَمۡوَٰلٖ وَبَنِينَ وَجَعَلۡنَٰكُمۡ أَكۡثَرَ نَفِيرًا ٦

**6. Хадубги нужеца тавбу гьабун, нуж Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мут1иг1лъун хьвадараб мехалъ нужее квербакъи гьабуна, гьеб залимаб къавмалъухъ бук1араб нужер ват1анги нужехъе т1ад буссинабуна. Нужер лъимал-хъизан г1емерлъизе гьаруна, г1емераб боц1и-малги кьуна. Гьедин г1емерлъизарун, боц1и-мал кьун, нужерго ракьги халкъги**

**ц1унизе к1олеллъун гьаруна дица нуж.**

إِنۡ أَحۡسَنتُمۡ أَحۡسَنتُمۡ لِأَنفُسِكُمۡۖ وَإِنۡ
أَسَأۡتُمۡ فَلَهَاۚ فَإِذَا جَآءَ وَعۡدُ ٱلۡأٓخِرَةِ لِيَسُـُٔواْ
وُجُوهَكُمۡ وَلِيَدۡخُلُواْ ٱلۡمَسۡجِدَ كَمَا دَخَلُوهُ
أَوَّلَ مَرَّةٖ وَلِيُتَبِّرُواْ مَا عَلَوۡاْ تَتۡبِيرًا ٧

7. **Нужеца лъик1аб г1амал гьабураб мехалъ, я бануисраилал, гьеб г1амал нужерго напсазе гьабураб лъик1лъи буго.** Гьелдаса Т1адег1анав Аллагьасе щибго х1ажатаб жо гьеч1о. Нужеца квешлъи гьабуниги лъик1лъи гьабуниги гьесул мулкалъулъ ва милкалъулъ цох1о зарра г1адаб жо хисунаро. **Нужеца гьабураб квешлъиялъул заралги нужерго напсазе буго.**

**Цинги нужеца к1иабизеги ракьалда т1ад пасалъи гьабураб мехалъ** Ях1я авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ч1ван, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1урматал хвезарун, дица нужеде т1аде цоги залимаб къавм т1амуна нужер тущбабилъун жал ругел. **Жидеца нуж инжит гьарулел, нужер гьурмалги ч1ег1ер гьарулел:** нуж ч1ван, г1одорег1ан гьарун, нужер гьурмазда къварилъиялъу асар загьирлъулеб х1алалъ. **Бухтанасарица г1адинго жидеца Байтул-мукъадасги биххизабулел ва жидер х1ал г1ураб, квер щванщинаб бак1 ч1унтизабулел ва гьалаг гьабулел.**

Гьел рук1ана Персазул мажусиял – ц1адуе лагълъи гьабулел г1адамал. Рахъ-рахъалде т1уризарун, жидер бугеб маг1ишат кодоса бахъун ват1ан биххизабун къват1ире гъун рук1ана гьел Бануисраилал. Гьанжесалаги Байтул-мукъадасги ч1унтизабун бук1ана.

عَسَىٰ رَبُّكُمۡ أَن يَرۡحَمَكُمۡۚ وَإِنۡ عُدتُّمۡ عُدۡنَاۚ وَجَعَلۡنَا
جَهَنَّمَ لِلۡكَٰفِرِينَ حَصِيرًا ٨

8. **Т1адег1анав Аллагьас нужер тавбу къабул гьабула ва нужер мунагьалги чурула,** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие г1ибадат гьабиялда нуж руссани, нужеца ракьалда т1ад гьабулеб пасалъи-зулмуги рехун тани. **Амма нужеца ц1идаса пасалъи-зулму гьабулеб бугони нужее г1акъуба-г1азаб гьабизе, нужедаса рец1ел босизе дунги т1ад вуссуна. Дица ахираталда жагьаннамаги гьабун буго капураб, пасикъаб къавмалъе туснахълъун.**

Жинда жанир гьел даимго рук1унеб, ц1аялдалъун жидее г1азаб гьабулеб рукълъун. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лаг1нат батарал ягьудиял хадурги пасалъаби гьариялде т1ад руссана ва гьезие г1акъуба гьабизе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бат1и-бат1иял лагъзалги т1амуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасеги гьесул асх1абзабазеги хиянатал гьаридал гьел ягьудиял г1арабиязул ракьалдаса (Аравийский полуостров) нахъе къот1ана. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1аб

халифалъун вугеб заманаялъги Байтул-мукъадас бусурбабаца бахъана ва ягьудиязда т1ад жизят (магъало) лъуна. Хадубги г1емер заманаялъ жидер ват1ан гьеч1ого дунялго ц1ун свердулел рук1ана. Гьаб нилъеда лъалеб заманалъги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие зулму гьабизе Гитлер т1амун вук1ана ва гьес миллионал ягьудиял ч1вана.

Бусурбабазул г1айибалдалъун, гьезул сиясат гьеч1олъи сабаблъун, ахир-къадги ягьудиязда к1вана (1948-1949) жидерго пачалихъ г1уц1изе ва гьеб къоялдаса байбихьун гьел бусурбабазе зулму гьабиялда т1адги ч1ана. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ божилъи буго ва гьарулебги буго ахирияб данделъи батаги гьезул гьеб ва Бет1ергьан Аллагьас къот1и гьабураб квербакъи бусурбабазе хехго гьабеги абун.

إِنَّ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانَ يَهْدِى لِلَّتِى هِىَ أَقْوَمُ وَيُبَشِّرُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٱلَّذِينَ يَعْمَلُونَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أَنَّ لَهُمْ أَجْرًا كَبِيرًا ﴿٩﴾

**9. Х1акълъунго гьаб Къуръан буго жинца х1акъаб жоялда–динул исламалда т1орит1улеблъун. Х1акълъунго гьалда бугеб жоялде иман лъун, жидеца лъик1аб г1амал гьабун хьвадарал муъминзабазе ахираталда ц1акъ к1удияб ажру бугин абун жинца рохел бицунебги буго гьаб Къуръан.**

وَأَنَّ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْءَاخِرَةِ أَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٠﴾

**10. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва ахираталда иман лъоларел г1адамазе дица х1адурун буго жинца ц1акъ унтизе гьабулеб г1азаб.**

وَيَدْعُ ٱلْإِنسَٰنُ بِٱلشَّرِّ دُعَآءَهُۥ بِٱلْخَيْرِ ۖ وَكَانَ ٱلْإِنسَٰنُ عَجُولًا ﴿١١﴾

**11. Гьев инсанас жиндие лъик1аб дуг1а гьабулеб г1адин, яги гьелдасаги г1едег1ун, жиндие ва агьлу-хъизаналъе квешаб дуг1аги гьабулеб буго.** Гьеб квешаб дуг1а гьабунщинахъе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесие жаваб гьабун бук1арабани гьев гьалаглъилаан. **Ва инсан вук1ана жив хехлъулевлъун.**

Гьаб буго инсанас жиндир лъимал-хъизаналда ццим бахъараб мехалъ гьезда абулеб квешаб раг1и. Мун хваяв абун, дуе жужах1 батаяв абун ва гьелда релълъарабги. Инсанасул т1абиг1атго буго жив хехлъулев вук1ин. Гьедин бугониги лъик1аб г1амал гьабиялда инсан хехлъуларо. Амма гьев щайт1аналъ хехлъизавула квешаб г1амал гьабиялда. Гьеб щайт1аналъул х1илла буго инсан жиндиего квешаб дуг1а гьабизе г1едег1изави. Цоги маг1на гьабуна гьаб раг1иялъул: инсанас дунялалъул лъик1лъи гьарун дуг1а гьабула, гьелдалъун жиндир ахираталъе зарал кколеб бугониги абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб х1адисалда буго: *«Нужеца квешаб дуг1а гьабуге нужер напсазе ва нужер боц1и-малалъе. Аллагьас* ﷻ *дуг1аялъе жаваб гьабулеб г1уж данде ккани, гьеб нужер дуг1аялъе жаваб гьабизе бегьула»*-абун. Х1адис имам абу Давудица бицана.

وَجَعَلْنَا ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ ءَايَتَيْنِ فَمَحَوْنَآ ءَايَةَ ٱلَّيْلِ وَجَعَلْنَآ ءَايَةَ ٱلنَّهَارِ مُبْصِرَةً لِّتَبْتَغُوا۟ فَضْلًا مِّن رَّبِّكُمْ وَلِتَعْلَمُوا۟ عَدَدَ ٱلسِّنِينَ وَٱلْحِسَابَ وَكُلَّ شَىْءٍ فَصَّلْنَٰهُ تَفْصِيلًا ﴿١٢﴾

**12. Дица сордо-къо цоялъ цояб хисун бач1иналда жаниб г1аламат гьабуна дун цо вук1иналда ва дир х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулеб. Дица сордоги гьабуна жиб бец1аблъун.** Жиндилъ г1адамал х1ухьбахъиялда рук1ине. **Дица къоги гьабуна жиндилъ канлъи бугеблъун нуж маг1ишат т1алаб гьабун хьвадизе ва нужеда заманалъул х1исаб гьабизе лъазе: анкь, моц1, лъаг1ел рик1к1ун. Дица кинабго жо инсанасе баян гьабун буго мух1канаб баян гьабиялъ.**

Гьесул диналъе ва дунялалъе маслих1ат бугеб жо баян гьабуна. Жиндир напсалъе, боц1и-малалъе ва жиндир диналъе зарал бугеб жоги баян гьабуна.

Гьаб дунялалда бугеб кинабго жо Аллагьасул ﷻ тадбиралдалъун ва гьесул х1укму-къадаралда рекъон хьвадулеб буго. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал т1абиг1атчаг1аца (материалисты) абухъе гьаб г1алам жиндир тадбир гьабулев чи гьеч1ого жиндирго ихтияралда бугеб ва жибго бижараб жо гьеч1о.

Субх1аналлагь, Аллагьас ﷻ нилъее бит1араб г1елму ва г1акълу кьеги ва х1акъаб жо х1акъаблъун, бат1улаб жо бат1улаблъун бихьизабеги.

وَكُلَّ إِنسَٰنٍ أَلْزَمْنَٰهُ طَٰٓئِرَهُۥ فِى عُنُقِهِۦ وَنُخْرِجُ لَهُۥ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ كِتَٰبًا يَلْقَىٰهُ مَنشُورًا ﴿١٣﴾

**13. Щивав инсанас гьабураб г1амалги дица гьесул габуралда т1аде рехун буго.** Лъик1аб бук1а, квешаб бук1а, жинца гьабураб г1амалалъухъ жазаъ гьабич1ого инсан хут1изе гьеч1о. **Ахираталде щвараб мехалъ дица гьесда цебе т1ибит1ун рехула жиндир г1амал хъвараб т1ехь.**

ٱقْرَأْ كِتَٰبَكَ كَفَىٰ بِنَفْسِكَ ٱلْيَوْمَ عَلَيْكَ حَسِيبًا ﴿١٤﴾

14. Ва дица гьесдехунги абула: «Гьалеха дур г1амал хъвараб т1ехь. **Дуца гьеб ц1але ва гьеб г1езе буго дуе жакъа нуг1лъун»-абун.**

Гьеб къоялъ щибго жо балъго хут1уларо, щибаб напсалъ жиндир х1акъги т1алаб гьабула. Дунялалда г1адамазда гьоркьор рук1унел нич-намусалъул ва ях1-рух1алъул пардавалги т1аг1ун уна. Лъималаз

эбел-инсуда г1айиб ч1вала гьез ниж х1акъаб нухда т1орит1ич1о абун. Вац-яц хал гьабич1ого, гьудул-гьалмагъасда балагьич1ого жиндир напсалъул ургъалида рук1уна.

مَّنِ ٱهۡتَدَىٰ فَإِنَّمَا يَهۡتَدِي لِنَفۡسِهِۦۖ وَمَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيۡهَاۚ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٞ وِزۡرَ أُخۡرَىٰۗ وَمَا كُنَّا مُعَذِّبِينَ حَتَّىٰ نَبۡعَثَ رَسُولٗا ﴿١٥﴾

**15. Гьаб дунялалъул рокъов жив т1овит1аравлъун вук1арав чи:** жинда Аллагь ﷻ цо вук1ин лъан, гьесдехун ширк гьабич1ого, гьесул расулал рит1ухъ гьарун хьвадарав чи - **Х1акълъунго гьев вуго жиндирго напсалъе лъик1лъи гьабурав. Жив къосарав, жинда х1акъаб нух лъаларев чи жиндирго напсалъе къосарав вуго,** гьелъул заралги жиндиего буго. **Ахираталде щвараб мехалъ цониги напсалъ цогидаб напсалъул мунагь-хат1аъ баччуларо.** Гьелда гьеб баччизеги гьабуларо. **Дица цониги умматалъе г1азабги гьабич1о гьеб умматалде аварагги вит1ун гьезда х1акъаб нух лъазабун хадуб гурони.**

Гьезие х1ужа-далилги ч1езе гьабун ахираталде щвараб мехалъ г1узру бачине рес гьеч1еб х1алги гьабун, цинги иман лъеч1еб мехалъ ва ракьалда т1ад пасалъи ва зулму гьабураб мехалъ гьалаг гьаруна гьел умматал.

Г1алимзаби ва имамзаби жиндилъ хилиплъараб масъала буго: капурзабазул балугълъич1ел лъимал хвараб мехалъ гьел алжаналдайищ унел, жужах1алдайищ унел абун. Гьел хилиплъиялъе сабабги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисал рук1ин жидер маг1на бат1и-бат1иял. Гьеб хилапалъул х1асил гьабураб мехалъ цох1о х1укму босун ч1езе рес лъугьунеб гьеч1о.

Г1алимзабазул цо къокъаялъ абуна: «капурзабазул балугълъич1ого хварал лъимал алжаналда рук1ине руго»-абун. Гьез мугъч1вай гьабураб х1адис буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе Ибрагьим авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ макьилъ вихьана жинда сверухъе г1исинал лъималги руссине гьарун. Гьенир муъминзабазул ва мушриказул лъимал рук1ана»* – абураб. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Г1алимзабазул к1иабилеб къокъаялъ абуна: «гьел лъимал жужах1алда рук1ине руго» - абун. Гьезул далилги буго лъимал жидер умумузда нахъ рег1изарула абураб.

Лъабабилеб къукъа буго нижеда гьел лъимал алжаналдайищ рук1инел, яги жужах1алдайищ рук1инел лъаларо абулел. Гьезул далилги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул х1адисалъулъ бугеб раг1и: *«Аллагьасда* ﷻ *лъала гьел лъималаз гьабизе бук1араб г1амал»* - абураб. Х1адис имам абу Давудица бицана.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1об-рах1му к1удияб бугелъул гьел капурзабазул балугълъич1ел лъимал алжаналде лъугьинариялда хьул ц1ик1к1араб буго. Бусурбабазул балугълъич1ого хварал лъимал алжаналде лъугьине рук1иналъулъ щибго хилап гьеч1о, гьелда киналго г1алимзаби рекъон руго. Гьадинабго хилап буго г1акълу дагьал, жидеда расул вит1ич1ел, жидеда жо раг1уларел г1адамазул х1акъалъулъги. Г1емерисел г1алимзаби жинда рекъараб раг1и буго гьел г1адамал алжаналда рук1уна абураб.

وَإِذَآ أَرَدۡنَآ أَن نُّهۡلِكَ قَرۡيَةً أَمَرۡنَا مُتۡرَفِيهَا فَفَسَقُواْ فِيهَا فَحَقَّ عَلَيۡهَا ٱلۡقَوۡلُ فَدَمَّرۡنَٰهَا تَدۡمِيرٗا ١٦

**16. Цо пуланаб росдал, шагьаралъул агьлу гьалаг гьабизе дие бокьараб мехалъ** (гьезул зулму ва пасалъи г1емерлъун) **дица гьеб агьлуялъул церехъабазда:** х1акимзабазда, жидер раг1и билълъарал г1адамазда, **амру гьабула исламияб диналда хьваде абун ва г1асилъи, пасикълъи те абунги.**

Цоги маг1на буго: Дица гьел раг1и билълъарал, бечедал, ч1ух1арал г1адамал т1амула гьеб агьлуялда т1ад амирлъун ва гьезул тадбир гьабулеллъун.

**Цинги гьез ракьалда т1ад хъубаб, чорокаб г1амал х1алт1изе гьабула.** Зина гьаби, г1адамал ч1вай, гъачагълъи гьаби ва зулму гьаби. Гьезда Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ к1очона, аварагасда нахъги рилълъунаро, диналъул г1орхъабиги хвезарула. **Цинги гьел киназдаго дир г1азабги х1акълъула.** Жидеца г1асилъи-пасикълъи гьабуразда жидер г1амал сабаблъун х1акълъула г1азаб. Цогидазда г1азаб х1акълъула жидеца амру-нагью тей сабаблъун. Гьеб квешаб къавм квешаб г1амал гьабиялдаса нахъч1вангут1и сабаблъун.

**Цинги дица гьеб росоги росдал агьлуги цадахъ ц1акъ квеш гьалаг гьабула,** г1адамалги хвезарула, росоги ч1унтизабула.

Щибаб къавмалда ва щибаб агьлуялда жиндие бокьараб балагь ва къварилъи т1аде биччала Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.

Ибнухат1ибица абуна: киназдаго лъалеб жо буго зина гьаби бук1ин бищунго зах1матал унтаби черхалде ккеялъе сабаблъун. Жиндир х1икмат камилав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ х1укму буго гьеб чорокаб г1амал гьабулел г1адамал жал гьалаглъи х1акъаб унтиялъ кколеблъи, жинца г1одорег1ан гьарулеб пакъирлъиялда кколеблъиги. Рахунел, цояздасан цоязде унел (венерические) унтаби ккеялъе сабаб буго гьеб зина гьаби. Гьеб унтиги буго жив аск1ов ч1арасдаги, жиндир лъимал-хъизаналдеги бахунеб, гьездаса цогидаздеги бахунеб, жинца черхги заг1ип гьабулеб, г1акълуги заг1ип гьабулеб. гьеб сабаблъун

кинабго умматалъего загlиплъи бачlунел унтаби руго гьел. Гьеб зина сабаблъун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццинги бахъуна ва дунялалдаго гьеб къавмалда гlазабги рещтlинабула-абун.

**17. Гlемер умматал гьалаг гьаруна дица Нухl аварагасдаса عَلَيْهِالسَّلَامُ хадур рукlарал къарнабазулъ (век)**

وَكَمۡ أَهۡلَكۡنَا مِنَ ٱلۡقُرُونِ مِنۢ بَعۡدِ نُوحٖۗ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ بِذُنُوبِ عِبَادِهِۦ خَبِيرَۢا بَصِيرٗا ١٧

Жидеца зулму-пасалъи гьабураб

Самудиязул, Лутlил, Гláдил ва пиргlавнил къавмал гьалаг гьаруна, цоги гlемерал къавмал ва росдал агьлаби гьалаг гьаруна. Гьал киналго гьалаг гьарурав Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ кlола Маккаялъул мушрикалги гьалаг гьаризе. Гьез бищунго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хирияв авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ гьереси гьавулев вуго ва гьесие къварилъиги гьабулеб буго. **Дур Бетlергьан Аллагь гlезе вуго, Мухlаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, жиндир лагъзадерил мунагьал лъалевлъун ва рихьулевлъун вукlин.** Гьесда щибго жо балъго хутlуларо ва гьесул жазаалдаса цониги чиги ворчlуларо. Жинда загьирабги батlинабги жо лъалев, жинда инсанасул киналго хlалалги рихьулев вуго гьев Бетlергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.

**18. Жиндие дунялги бокьун, гьеб дунялалъул чlухlи-рецц щвезе бокьун, Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ ахиратги кlочон хьвадарав чиясе дица дунялалъул чlаголъиялдаса Дие бокьараб жо кьола, Дие бокьарасе.**

مَّن كَانَ يُرِيدُ ٱلۡعَاجِلَةَ عَجَّلۡنَا لَهُۥ فِيهَا مَا نَشَآءُ لِمَن نُّرِيدُ ثُمَّ جَعَلۡنَا لَهُۥ جَهَنَّمَ يَصۡلَىٰهَا مَذۡمُومٗا مَّدۡحُورٗا ١٨

Гьев чиясе бокьарабщинаб жо кьоларо. Кинавго чиясеги кьоларо. Чанги чи вукlуна щибго жо дунялалъул кодобе щоларев, даимго жив гьелда хадув хьвадулевги вукlунев, жинда кодоб боцlиги гьечlев, черхалъул сахлъиги гьечlев, ракl гьезе лъимал-хъизанги гьечlев. **Цинги ахираталда дица гьесие жагьаннама гьабула жив жанив вукlунеб бакlлъун. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахlматалдаса рикlкlад гьавун, жив гlодовегlан гьавун гьениве жаниве рехун тола абадиялъего.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дунялалъул рукъоб сахлъиги, бечелъиги, къадру-кlодолъиги кьей инсанасул лъикlлъи сабаблъун букlунаро, гьелда борцун гьесие къимат кьезеги бегьуларо. Жиндир хlикматалда рекъон Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир ццим бахъаразе хlажатабщинаб жо кьола, жиндие вокьарав пакъирлъиялда, къварилъиялда тола. Гьеб буго гьаб дунял жиндир щибго къимат гьечlеб жо букlиналъул гlаламат.

**19. Жиндие ахираталъул чlаголъи бокьарав, Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ва ахиратaлде иманлъун, алжан щвеялде**

وَمَنۡ أَرَادَ ٱلۡأٓخِرَةَ وَسَعَىٰ لَهَا سَعۡيَهَا وَهُوَ مُؤۡمِنٞ فَأُوْلَٰٓئِكَ كَانَ سَعۡيُهُم مَّشۡكُورٗا ١٩

**хьуллъун дунялалда живги хьвадарав, гьал г1адамал руго жидер г1амалалда данде ажру-кири щолел ва гьезул хьвадиялъе лъик1аб жазаъги гьабулел.**

**20. Гьаб к1иябго къокъаялъул щивав чиясе дур Бет1ергьан Аллагьасул г1ат1идал ва г1емерал ниг1матаздаса ризкъи кьола.**

كُلًّا نُّمِدُّ هَٰٓؤُلَآءِ وَهَٰٓؤُلَآءِ مِنْ عَطَآءِ رَبِّكَ ۚ وَمَا كَانَ عَطَآءُ رَبِّكَ مَحْظُورًا ﴿٢٠﴾

Муъминчиясеги кьола, капурчиясеги кьола. Аллагьасе ﷻ мут1иг1асеги кьола, гьесде г1асилъарасеги кьола. Гьеб буго Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб ц1об-рах1мат ва лъик1лъи. **Дур Бет1ергьан Аллагьас ﷻ гьезие ниг1матал кьей буголъич1о, Мух1аммад ﷺ, жиб нахъч1вараблъун ва жиндие г1орхъи ч1вараблъун.**

**21. Мун валагье, Мух1аммад ﷺ, кин дица гьел г1адамал цоял цояздаса хира гьарун ругел:**

ٱنظُرْ كَيْفَ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۚ وَلَلْءَاخِرَةُ أَكْبَرُ دَرَجَٰتٍ وَأَكْبَرُ تَفْضِيلًا ﴿٢١﴾

цоязе г1емераб ризкъи кьун буго, цоязе берцинал т1абиг1атал кьун руго, цоязе г1елму-лъай кьун буго. Цояв бечедав вуго, цогидав мискинав вуго, цояв хан вуго, цогидав гьесул х1алт1ухъан вуго. Ва амма гьеб гьеч1оха унго-унгояб хиралъи ва т1ок1лъи!

**Бичасх1аги, Мух1аммад ﷺ, ахират буго бищунго даражаби т1адег1анаб бак1 ва хиралъи-т1ок1лъи бугеб бак1ги.** Гьенир руго инсансул бералда рихьич1ел ва г1иналда раг1ич1ел ниг1матал ва даражаби.

**22. Дуца Аллагьгун ﷻ цадахъ цоги аллагь гьавуге, я гьав инсан!** Аллагьасе ﷻ гьабизе х1акъаб г1ибадат жиндие гьабулеблъун щибго жо ккоге: хъанчалги ккоге, г1адамалги ккоге, малаикзаби ва жундулги ккоге.

لَّا تَجْعَلْ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَتَقْعُدَ مَذْمُومًا مَّخْذُولًا ﴿٢٢﴾

**Гьедин дуца Аллагьасдехун ﷻ щибго жо ширк гьабуни, мун Аллагьасда ﷻ аск1ов ц1акъ г1одовег1анав лъугьуна, дуе щибго кквербакъи кумекги щоларо.**

**23. Дур Бет1ергьан Аллагьас жиндир лагъзадерида амру гьабуна ва васият гьабуна цох1о жиндие гурони лагълъи гьабуге абун. Гьединго амру гьабуна эбел-инсуе лъик1лъи гьабе абунги.**

۞ وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّآ إِيَّاهُ وَبِٱلْوَٰلِدَيْنِ إِحْسَٰنًا ۚ إِمَّا يَبْلُغَنَّ عِندَكَ ٱلْكِبَرَ أَحَدُهُمَآ أَوْ كِلَاهُمَا فَلَا تَقُل لَّهُمَآ أُفٍّ وَلَا تَنْهَرْهُمَا وَقُل لَّهُمَا قَوْلًا كَرِيمًا ﴿٢٣﴾

Т1адег1анав Аллагьасе г1ибадат гьабиялда

хурхинабун эбел-инсуе лъик1лъи гьаби рехсеялъул х1икмат буго гьезул х1акъ ц1акъ к1удияб бук1ин. Гьеб лъимер батиялъе ва дунялалда ч1аго хут1иялъеги загьираб сабаб бугелъул эбел-эмен. Гьеб маг1на хал гьабураб мехалъ эбел-инсуца лъимералъе гьабураб лъик1лъи ц1акъго к1удияб буго: щибго жо гьеч1ого бук1араб бак1алда гьеб лъимер бати ва бижи. Гьедин бугелъул лъималаздаги т1адаблъун ккана жидее лъик1лъи гьабурал эбел-инсуе жидецаги лъик1лъи гьабизе.

**Гьел эбел-инсул к1иялго, яги цоял херлъун дуда аск1ор хут1ани** ва дур напакъа-сах1алде ккун ругони, дуца милат гьабиялде ккун ругони, **дуца гьезда уп бахъуге ва щибго рихунеб раг1иги абуге, гьезда бокьулареб жоги раг1изабуге.** Гьездаса мун разилъулареб жо бихьаниги, гьезда данде раг1и абуге. **Кидаго гьезда бицунеб раг1и тамахаб, х1еренаб бице,** гьел к1одо гьарун, гьезул х1урмат гьабун ва гьезул адаб гьабун к1алъай.

وَٱخۡفِضۡ لَهُمَا جَنَاحَ ٱلذُّلِّ مِنَ ٱلرَّحۡمَةِ وَقُل رَّبِّ ٱرۡحَمۡهُمَا كَمَا رَبَّيَانِي صَغِيرٗا ﴿٢٤﴾

**24. Дуца гьезда т1ад гурх1ел-рах1муялъул кваркьи лъе. Мун гьезие х1елун ва тамахлъун вук1а. Дуца дуг1а гьабе ва Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьаре: «Я дир Бет1ергьан! Мун гьал дир эбел-инсуда гурх1а ва гьезда дур ц1об-рах1матги рещт1инабе, гьел к1иязго дие лъик1лъи гьабураб г1адин дун гьит1инаб лъимерлъун вугеб мехалъ»-абун.**

رَّبُّكُمۡ أَعۡلَمُ بِمَا فِي نُفُوسِكُمۡۚ إِن تَكُونُواْ صَٰلِحِينَ فَإِنَّهُۥ كَانَ لِلۡأَوَّٰبِينَ غَفُورٗا ﴿٢٥﴾

**25. Нужер Бет1ергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лъик1 лъалев вуго нужер напсазда жаниб бугеб жо:** нуж эбел-инсуе лъик1лъи гьабулелищ ругел, яги къварилъи гьабулелищ ругел. **Нуж лъик1аллъун ругони** ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабураб х1алалъ эбел-инсуе ва цогидал г1адамазеги лъик1лъи ва гурх1ел гьабулел ругони, **х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **тавбу гьабун жинда руссаразул мунагьал чурулев, гьезда гурх1улев вуго.**

Эбел-инсуе гьабулеб хъулухъалъулъ ккараб к1вах1аллъи ва к1арчанлъиялдаса т1аса лъугьунев вуго. Ццерехун гьарурал мунагьаздасаги т1аса лъугьунев вуго тавбу гьабун лъик1аб г1амал гьабиялда т1адч1ей гьабураб мехалъ.

Эбел-инсуе лъик1лъи гьабиялъул бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса рач1арал г1емерал х1адисал руго.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гъумер ракьалда*

*лъулъарав чи вуго* (ай жив г1одовег1анлъарав, инжитлъарав) *жинда аск1ор херлъун эбел-эмен хут1арав, яги гьезул цоял хут1арав цинги жив гьезие лъик1лъиги гьабун алжаналде инч1ев» - абун.*

Жинда Аллагь разилъаяв Малик ибну Рабиг1атидаса бицараб х1адисалда буго: *Дун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аск1ов г1одов ч1ун вук1адго ансариязул цо асх1аб т1ад вач1ана ва гьес абуна: «Я расуллалагь ﷺ! Дир эбел-эмен хун хадуб дица гьезие гьабизе кколеб лъик1лъи хут1аниц дида т1ад?» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Ункъго жо хут1ана дуда т1ад гьезие гьабизе кколеб лъик1лъиялъул. Гьезда жаназаялъул как бай ва гьезие дуг1а гьаби гьезул мунагьал чуреян абун. Гьезул васият ва цогидаб амру т1убазаби. Гьезул гьудулзабазул х1урмат гьаби. Гьел эбел-инсул рахъалъан бугеб г1агарлъиялда гурх1ел-рах1му гьаби. Гьаб ункъабго жо буго дуда т1ад хут1араб эбел-инсуе гьабизе кколеб лъик1лъиялъул»* - абун.

Ибнухат1ибица абуна: Т1адег1анав Аллагьас жиндир лагъзадерие ризкъи кьола киг1анго гьел лагъзал жинде г1асилъаниги. Эбел-инсуцаги лъималазда гурх1ел гьабула ва гьезие жидер ризкъиги кьола, киг1анго гьел жидее лъик1ал гьеч1ониги. Гьаб масъала бич1ч1изе ккела эбел-инсуе къварилъи гьабулел лъималазда. Даимго жидеда гурх1ел гьабулел эбел-инсуе рек1елбакъвай гьабизе нечезе ккелариц лъимал?

Ах1макъаб пикруялъул философаз абула: гьеб лъимер эбел-инсуца лъимер гьабиялде къасд гьабун гьабураб жо гьеч1о. Гьеб буго гьезул шагьват т1убаялъул ва жидерго гьава-напсалъе бокьараб жо гьабиялдалъун т1аде бач1араб, гьезул къасдалда бук1инч1еб жо. Гьедин бугелъул гьеб лъимер гьабуна абун лъимералъ эбел-инсуе гьабизе кколеб хъулухъ ва адаб щиб бук1унеб - абун.

Гьал ах1макъал г1адамазда к1очонеб буго гьеб лъимер ургьибе каралдаса байбихьун гьеб лъимер к1удияб г1ун жибго жинцаго т1убалеб лъугьинег1ан гьей эбелалъ баччулеб зах1малъи ва къварилъи. Гьел эбел-инсуда гьеб лъимер сабаблъун бихьулеб г1акъуба-къварилъиги. Гьеб лъимер унтани жидеца сардал рорч1улеб, гьеб лъимералде къварилъи щвани жидер керен унтулел, гьеб лъимералъе жидер напсги, малги кьезе х1адурунги рук1унел.

Албаззар абулев г1алимас бицараб х1адисалда буго: *«Цо чи вук1ана жинца эбелги мугъалда яччун Каг1ба рукъалда сверун т1авап гьабулев. Т1авап т1убан хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъидал: «Дица гьай эбелалъул х1акъ т1убаниц» - абун, гьес*

*абуна: «Т1убач1о. Цох1о гьей эбелалъул* (мун гьавулаго) *угьун араб х1ухьелалъул х1акъцин т1убач1о»* - абун.

وَءَاتِ ذَا ٱلْقُرْبَىٰ حَقَّهُۥ وَٱلْمِسْكِينَ وَٱبْنَ ٱلسَّبِيلِ وَلَا تُبَذِّرْ تَبْذِيرًا ﴿٢٦﴾

**26. Дудехун г1агарлъи хурхарал г1адамазул х1акъги т1убай дуца** Гьезие гьабизе кколеб лъик1лъи гьабе, гьезул къварилъи ургъел бикье, гьезул рохалилъги г1ахьаллъи гьабе. **Мискинчиясеги квербакъи гьабе, гьесул х1акъги т1убай.**

Паризаяб закат кьей гуребги бусурбабазул бечедал г1адамазда т1адаб буго мискинав, пакъирав чиясе квербакъи гьабизе, гьесул х1ажат т1убазе. Гьедин лъик1лъи гьабулеб гьеч1они гьел г1адамал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матазе щукру гьабулел рук1унаро, жинда данде щукру гьабулареб ниг1мат Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ никъматлъун (къварилъи, балагь) сверизабула. **Сапаралда ругел г1адамазул х1акъги т1убай.** Гьезие лъим-квен кье, къаси сордо базе бак1 кье ва цогидабги гьезул х1ажат т1убай.

**Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ малъиялда рекъон лъик1аб нухда харж гьабич1ого дур боц1и-мал г1адада хвезабуге.** Карагьатаб, х1арамаб нухалда харж гьабураб цох1о гъурущги г1адада хвараб боц1и-мал буго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун кинабго маг1ишат кьуниги гьеб лъик1аб нахулда хвезабураб боц1и-мал буго.

إِنَّ ٱلْمُبَذِّرِينَ كَانُوٓا۟ إِخْوَٰنَ ٱلشَّيَٰطِينِ ۖ وَكَانَ ٱلشَّيْطَٰنُ لِرَبِّهِۦ كَفُورًا ﴿٢٧﴾

**27. Х1акълъунго жидеца х1алалаб маг1ишат г1адада хвезабулел г1адамал руго щайт1абазул вацал ва гьудулзаби.** Гьез малъараб жо гьабулел г1адамал руго. **Х1акълъунго гьеб щайт1ан жиндир бет1ергьан Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ мут1иг1лъич1еб,** гьесул амру т1убазе инкар гьабураб буго. **Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матазда инкар ккурабги буго.**

Кинавго жинда т1ад гьабураб х1акъ т1убаларев, жинда гьабугеян нагью гьабураб жо гьабулев чи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ниг1матазда инкар ккурав вуго. Гьелъул маг1наги буго: Т1адег1анав Аллагьас нилъ рижун руго жиндие г1ибадат гьабизе, жиндир амру-нагью т1убан хьвадизе. Нилъее г1емерал ва к1удиял ниг1маталги кьун руго. Гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру-нагью нилъеца т1убач1еб мехалъ, гьесие гьабизе т1адаб г1ибадатги гьабич1еб мехалъ, нилълъ гьесул ниг1матазда инкар ккурал рук1уна – нилъеца ниг1матазде данде щукру гьабулеб гьеч1елъул.

﴿تَبْذِيرًا﴾ абула (боц1и-мал г1адада хвезаби) жив бет1ергьанаб, х1алалаб боц1и-мал мунпаг1ат гьеч1еб бак1алде сверизабиялде. Масала, г1арац

бихъун гьородахъ бай г1адаб, х1айванал г1алхуда къот1ун бац1ица ва цогидаб жоялъ ч1вазе тей г1адаб, т1орщел ва цогидаб жо къват1иб бай г1адаб ва гьелда релъараб щиб бугониги жиндилъ жиндие яги жив гуресе мунпаг1ат гьеч1еб х1алалъ маг1ишат хвезаби буго табзир гьаби.

Гьадин маг1ишат хвезаби шарг1алда х1арамаб жо буго. Шарг1ияб х1укму х1алт1изабулеб мехалъ гьединал г1адамазе тамих1 гьабула: гьезухъан маг1ишат нахъе бахъула, гьеб ц1унулев чиясухъе кьола ва гьев табзир гьабулев чиясе кваназе квенги, рет1изе рет1елги кьун тола жинда г1акълу бач1инег1ан ва жинца шарг1алда рекъон маг1ишат х1алт1изабулев лъугьизег1ан. Цо чияс кинабго маг1ишат садакъаде кьуниги, Аллагьасул ﷻ диналъе г1оло гъазаваталъе квербакъизе кьуниги, г1елму-диналъе квербакъизе кьуниги гьеб табзир бук1унаро, ва гьеб Аллагь ﷻ разилъулеб г1амал бук1уна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1абас кинабго жиндир маг1ишат кьуна цо гъазаваталде боял х1адурлъулеб мехалъ ва живги вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъ. Жинца жив маликаб маг1ишат гъазаваталъе х1адурлъи гьабизе кьуна абун Абубакарица бициндал, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дуего щибха дуца тараб, я Абубакар» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакарица абуна: «Дица Аллагьги ﷻ гьесул расулги тана диего»* - абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Х1арамаб боц1иги данде гьабулел, гьеб х1арамаб нухда харжги гьабулел г1адамал щал кколеблъи загьирабго жо бугелъул гьелъул нилъеца бицинаро, Аллагьас ﷻ нилълъ ц1унаги гьеб агьлуялдаса ва гьезул г1амалаздаса. Х1алалаб боц1и х1алалаб х1алалъ жиндирго напсалъе рах1ат, лазат т1алаб гьабун харж гьабиги шарг1алда х1арамаб жо гьеч1о. Т1адег1анав Аллагьас лагъзадерие ниг1матал кьун руго гьел ниг1матаздаса мунпаг1ат босизе.

Ва амма Аллагь-авараг к1очон, ниг1матазда щукру гьабизе к1очон, дир х1алалаб боц1и дица х1алалаб нухда харж гьабулеб буго абун цо инсан хьвадараб мехалъ, гьев щайт1аналъ кверде восулеб заман буго гьеб. Г1емер заман инч1ого гьев щайт1аналъ жиндие бокьарабщинаб жо гьабизеги т1амизе вуго.

Жиндие ризкъи кьолев Аллагь ﷻ вук1ин лъан, гьев разилъи т1алаб гьабун жиндир маг1ишат харж гьабулев чи вуго дунял-ахираталда бахьибуголъарав, жиндир гьабураб г1амал г1адада холарев, жиндир ахираталъе хазина данде гьабулев чи.

Мадугьалги вакъун вук1ун чехь ц1езег1ан кваналев, рагьдаса мискин-

пакъир нахъе къотlулев, гlагарав чиясе квербакъуларев, сапаралда вугесда гурхlуларев бечедав чи жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулев вукlунаро. Кигlанго гьев чияс Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ фарз тlубалеб бугониги, гlадамазе зарал гьабулеб гьечlониги, гьев чи вуго гьаб аяталда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб амру жинца тlубаларев, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигlматазда щукру гьабуларев чи. Гьесул нигlматал никъматаллъун свериялда хlинкъи буго ва гьел хехго тlаса иналдаса божиги гьечlо.

Тlадегlанав Аллагьас нилъеде хитlаб гьабун абун буго: «нужеца нигlматазда щукру гьабуни дица нигlматал цlикlкlинарила»-абун. Гьелъул магlна букlуна: «нужеца щукру гьабичlони, дица нигlматал тlаса росула»-абураб. Садакъаде, лъикlаб нухда кьуна абун боцlи-мал дагьлъуларо ва тlагlунаро. Бищун дагьабги садакъаде кьураб жо анцlго нухалъ цlикlкlула. Гьелдаса байбихьун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб къадаралъ цlикlкlизабула ва гlемер гьабула.

Тlадегlанав Аллагьас тавпикъ кьеги лъикlаб вагlза босизе ва лъикlаб гlамал гьабизе.

وَإِمَّا تُعْرِضَنَّ عَنْهُمُ ٱبْتِغَآءَ رَحْمَةٍ مِّن رَّبِّكَ تَرْجُوهَا فَقُل لَّهُمْ قَوْلًا مَّيْسُورًا ﴿٢٨﴾

**28. Гьел мискинал,** дудасан лъикlлъи щвезе бокьарал гlадамазе **лъикlлъи гьабиялдаса мун вуссун чlчlезе кколев вугони,** дуда кодоб гьезие кьезе жо гьечlого ва дур рес-махlал лъугьараб мехалъ гьезие кьезе ниятги букlун, **дуца гьезда берцинаб рагlи бице.**

Валлагьи, гьабсагlат санагlат гьечlоха нужее жо кьезе абе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хъван батани, дихъе дагьабниги боцlи-мал щварабго нужее кумек гьабизе буго абе. Гьумер букlкlинабун валагьуге, мугъ сверун унге, гьездехун ццим бахъин ва рокьукълъи загьир гьабуге.

وَلَا تَجْعَلْ يَدَكَ مَغْلُولَةً إِلَىٰ عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ ٱلْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَلُومًا مَّحْسُورًا ﴿٢٩﴾

**29. Дуца дур квер габуралда бухьараб гlадин гьабуге:** садакъа кьечlого, мискин-пакъирасе, гlагарав-божарасе лъикlлъи гьабичlого чlун. **Тlубанго квер щвакунги вукlунге:** кодобе щванщинаб жо къватlибе кьун, дуего ва хъизаналъе хlажатаб жо рукъоб течlого. **Гьедин гьеж щвакун мун хьвадани, мунго чияда гьардезе ккола ва гlадамазе рихарав, гьез какулев чилъун лъугьуна.**

Кинабго ишалъул гьоркьохъеб хlал букlуна ва кlиябго рагlалда ккараб хlал беццараб букlунаро: тlубанго садакъа-хайрат гьабичlого чlей ва кинабго жо лъикlаб нухда кьей.

Цо хабаралда буго: «Киналго умуразул гьоркьохъеб х1ал лъик1аб буго»-абун.

إِنَّ رَبَّكَ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ وَيَقۡدِرُۚ إِنَّهُۥ كَانَ بِعِبَادِهِۦ خَبِيرَۢا بَصِيرٗا ٣٠

**30. Х1акълънго дур Бет1ергьан Аллагьас жиндие бокьарав чиясе ризкъи г1ат1идго кьола** г1акъуба-зах1матго бихьич1ого, т1аде чвахизе биччан тола. **Жиндие бокьарасе ризкъи дагьги гьабула.** Киг1ан г1емер вортанхъаниги жиндир х1ажат т1убазе жоги щоларого хут1ула. **Х1акълъунго Аллагь جل جلاله жинда лъалев вуго лагъзадерил маслих1атал ва гьез нахъа гьабизесеб жоги бихьулев вуго.**

Лагъзадерие ризкъи кьеялда жанирги Аллагьасул جل جلاله к1удиял х1икматал рук1уна ва инсан гьелда хадув гъоларо. Жив мискин гьавуни Аллагьасде جل جلاله г1асилъулев вук1уна цо инсан, жив бечед гьавуни Аллагьасде جل جلاله г1асилъулев вук1уна цогидав инсан. Жиндие бечелъи кьун х1албихьи гьабула цо лагъасул, жиндие ризкъи къварид гьабун х1албихьи гьабула цогидав лагъасул. Киналъулго х1асилги Аллагь جل جلاله лъаялда, гьесда нахъвилълъиналда, гьесул рах1маталде хьул лъеялде ва гьесул г1азабалдаса х1инкъиялде буссараб бук1уна.

وَلَا تَقۡتُلُوٓاْ أَوۡلَٰدَكُمۡ خَشۡيَةَ إِمۡلَٰقٖۖ نَّحۡنُ نَرۡزُقُهُمۡ وَإِيَّاكُمۡۚ إِنَّ قَتۡلَهُمۡ كَانَ خِطۡـٔٗا كَبِيرٗا ٣١

**31. Нужеца нужер лъималги ч1ваге гьел хьихьизе к1оларо абун х1инкъун. Дун вуго нужееги гьезиеги ризкъи кьолев ва нуж хьихьулев Бет1ергьан. Х1акълънго гьел лъимал ч1вай ц1акъ к1удияб мунагь буго** ва нежее гучаб г1азаб гьабиялъе сабабги буго.

Г1алимзабаца абуна гьаб аят рещт1инабуна жагьилиял г1арабиязул ч1агого ясал ракьулъ рукъулеб г1адат нахъч1ван. Гьел ясалаца жидее нич гьабилин абун, яги гьезие напакъа кьолаго жал пакъирлъилин х1инкъун, гьеб ах1макъаб ва Аллагьасул جل جلاله щцим бахъунеб пиша гьабулеб бук1ана гьез. Гьеб г1амал гьабиялдаса г1арабиял нахъч1вана ва гьезие ризкъи кьолев жив вук1ин бицун рещт1ине гьабуна Аллагьас جل جلاله гьаб аят.

Исламияб диналъ нилъеда амру гьабулеб буго лъимал гьаре ва исламияб уммат г1емер гьабе абун. Нилъер диналда х1арам гьабун буго ункъго моц1 бараб лъимер рехи: гьеб буго лъимералда рух1 лъезе бегьулеб заман. Гьелдаса цебе лъимер рехиги х1арамаб буго шарг1ияб г1илла бук1ун гурони: гьеб лъимер гьабизе кколей эбелалъе зарал бугони, лъимер к1удияб г1езе теялда ва гьеб лъимер гьабиялда жаниб, гьеб сабаблъун изну кьола гьит1инабго бук1ун лъимер рехизе. Т1убанго

лъимер лъугьине гьукъулеб дару гьабизе, яги операция гьабизеги х1арамаб буго. Дагьаб заманалъ лъимер лъугьин нахъч1вазе бегьула добго шарг1ияб г1илла бугони: эбелалда кодоб хахулеб лъимер бук1ин, эбел заг1ипай йик1ин ва гьелда релълъарал г1узраби ругони. Гьаб заманалъ дин гьеч1еб агьлуялъ х1алт1изабулеб: «Лъимал гьариялъе г1орхъич1вай»-абулеб жо исламияб диналда жаниб гьеч1еб, х1арамаб жо буго. Гьеб буго исламияб уммат заг1ип гьабулеб ва дагьлъизе гьабулеб сиясат (политика)

**32. Нуж зина гьабиялде аск1орего къаге:** وَلَا تَقْرَبُوا۟ ٱلزِّنَىٰٓ ۖ إِنَّهُۥ كَانَ فَـٰحِشَةً وَسَآءَ سَبِيلًا ﴿٣٢﴾
гьеб зина гьаби ц1акъ к1удияб мунагь буго. Зина гьабиялде напс гьет1улеб г1амалго гьабуге. Дуца ячине бегьулей чияр ч1ужуялде бер балагьуге, к1алги к1алъаге, квералъул махсароги гьабуге. Гьал пишаби дуца гьарич1ого тараб мехалъ мун зина гьабиялдаса рик1к1алъарав вук1уна. **Х1акълъунго гьеб зина гьаби къабих1аб пиша буго ва жинца жужах1алде рачунеб квешаб нухги буго.**

Зина квешаб, къабих1аб жо бук1иналъ гьеб гьабурав чи шарг1алда жив магьари лъун ч1ужу ячарав чи вугони, яги росасе арай г1адан йигони ч1имих реч1ч1ун ч1вазе х1укму гьабун буго. Г1олилаз зина гьабуни нусго т1ил кьабизе х1укму гьабун буго, цинги цо лъаг1елалъ ват1аналдаса рик1к1адги гьарула.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Масг1удидаса бицараб х1адисалда буго. Дица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна:

*«Я расулаллагь ﷺ! Бищунго к1удияб мунагь бугеб жо щиб бугеб» - абун. Аллагьасул свалат слам лъеяв аварагас абуна: «Жинца мун вижарав дур Бет1ергьанасда ширк гьабун цоги алагь вуго абун гьесие лагълъи гьаби буго» - абун. Цоги щиб бугеб абун дица гьикъидал аварагас ﷺ абуна: «Дуца лъимер хвезаби буго мунгун цадахъ квен кванազе гьеб тезе бокьич1ого» - абун. Цоги щиб бугеб абун дица абидал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуца мадугьаласул ч1ужуялда зина гьаби буго»* -абун. Х1адис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абуумаматидаса бицараб х1адисалда буго:

*«Цо г1олохъанчи вач1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ва жинца абуна: «Я расулалалгь ﷺ! Дие зина гьабизе изну кье»- абун. Асх1абзаби ﷺ г1ажаиблъун лъугьана ва гьев къват1ив гъезе къасд гьабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дида аск1ове ваче гьев» - абун.*

*Гьев г1агарде вачараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьев жинда аск1ов г1одов ч1езавуна ва жинца абуна: «Гьеб зина дур эбелалда гьабизе бокьилищ дуе» - абун. Г1олохъанчияс абуна: «Валлагьи, бокьиларо, дир напсалдалъун мун хвасар гьавеяв авараг» - абун. Аварагас ﷺ абуна: «Гьеб зина жиндир эбелелда гьабизе бокьулев цониги чи гьеч1о» - абун. Хадубги гьикъана: «Дур ясалда гьабизе бокьилищ зина» - абун. «Бокьиларо валлагьи, дир напсалдалъун мун хвасар гьевеяв авараг» - абуна дов г1олохъанчияс. Цингиги аварагас ﷺ абуна: «Цониги чи гьеч1о жиндир ясалда зина гьабизе бокьулев» - абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас хадубги абуна: «Дур яцалда зина гьабизе бокьилищ, дур инсул яцалда, эбелалъул яцалда зина гьабизе бокьилищ дуе» -абун. Гьев г1олохъанчияс щибаб нухалъ абуна: «Бокьиларо Валлагьи я расулуллагь ﷺ!» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Цониги чи гьеч1о гьеб жо жиндир ясалъе, инсул яцалъе, эбелалъул яцалъе, жиндир яцалъе гьабизе бокьулев» - абун. Цинги гьев г1олохъанчиясул гъажалда кверги лъун аварагас ﷺ абуна: «Я дир Аллагь ﷻ! Дуца гьав г1олохъанчиясул мунагьал чуре, гьасул рак1ги бац1ц1ад гьабе, гьасул г1авратги ц1уне» - абун. Гьелдаса хадув гьев г1олохъанчи щибниги х1арамаб жоялда валагьулев вук1инч1о»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги х1адисалда буго: *«Аллагьасде ﷻ ширк гьабиялдаса хадуб. х1арамаб бак1алда бах1арчияс жиндир мани лъеялдаса к1удияб мунагь гьеч1о»* - абун. Х1адис ибну абиДуняца бицана.

**33. Нужеца Аллагьас ﷻ ч1вазе х1арам гьабураб напсги ч1ваге шарг1ияб г1илла бук1ун гурони.**

وَلَا تَقْتُلُوا۟ ٱلنَّفْسَ ٱلَّتِى حَرَّمَ ٱللَّهُ إِلَّا بِٱلْحَقِّ ۗ وَمَن قُتِلَ مَظْلُومًا فَقَدْ جَعَلْنَا لِوَلِيِّهِۦ سُلْطَـٰنًا فَلَا يُسْرِف فِّى ٱلْقَتْلِ ۖ إِنَّهُۥ كَانَ مَنصُورًا ﴿٣٣﴾

Жиб ч1вазе х1арам гьабураб напс буго бусурманчиясул напс. Гьединго ч1вазе х1арамаб буго бусурбабазе жизят кьун божилъиялда тун ругел капурзабиги. Бусурманчи ч1вазе х1алаллъулеб лъабго сабаб буго: къисасалъе ч1вай, муртадлъарав чи ч1вай, зина гьабурав мух1ссин ч1вай. Ай жинца ч1ужу ячун, росасе ун хадуб зина гьабурав чи ч1вай. Суратул бакъараталда гьаб масъала г1ат1идго бицун буго.

**Цо чи ч1вараб мехалъ жиндие зулму гьабун, шарг1ияб г1илла гьеч1ого, гьев чиясул валиясе ихтияр буго къисас босизе. Къисас босулеб мехалъ шарг1алда х1арамаб жо гьабизе бегьуларо:** жинца ч1варав чи гурони цогидав ч1валаро. Жиндир ч1варав чиясда гьабураб

г1адаб ругъун гьабила, жаназаялъе г1акъуба гьабиларо.

Гьаб къисас босиги шарг1ияв имамас х1укмуги гьабун, гьесул ихтияралда гъоркь гьабизе ккола. Гьедин гьабич1ого живго валияс къисас босаниги гьев Аллагьасда ﷻ г1асилъарав чи вук1уна. **Гьев вали жиндие шарг1алъ квербакъаравлъун вуго жиндир чи ч1вараб мехалъ гьесие г1оло къисас босизе**. Гьаб шарг1ияб х1укму ц1унун жив хьвадараб мехалъ.

وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُ ۚ وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ ۖ إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْئُولًا ﴿٣٤﴾

**34. Эмен хун нужер бер балагьиялда (валилъиялда) ккарал ятимзабазул боц1удаги нуж г1агарлъуге гьелъие лъик1лъиги лъугьунеб жоялдалъун гурони.** Гьеб ц1унун, х1алт1изабун гьеб г1емерлъулеб жоялдалъун гурони. **Гьеб лъимер к1удияб г1ун, балугълъун жиндир боц1и-малалъул милат гьабулев лъугьизег1ан** гьеб боц1и-мал нужеца ц1уне ва хиянат гьабуге. **Нужеца Аллагьасеги ﷻ, гьесул расуласеги гьарурал къот1аби т1уразаре,** нужедаго гьоркьор гьарурал къот1абиги т1уразаре. Х1акълъунго къот1и гьабун хадуб гьеб къот1и т1убазе кколеб бук1уна. **Ва Х1акълъунго гьеб т1убач1езда к1алгьикъиги бук1уна**. Дуняласдаги жаваб кьезе ккола, ахираталдаги жаваб кьезе ккола.

وَأَوْفُوا الْكَيْلَ إِذَا كِلْتُمْ وَزِنُوا بِالْقِسْطَاسِ الْمُسْتَقِيمِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ﴿٣٥﴾

**35. Нужеца борцунеб къали ц1езабе, ц1адироги бит1ун х1алт1изабе,** нат1 бугониги, рокьоб бугониги, сах1 бугониги бат1алъи гьеч1о борцунеб ва ц1алеб жоялъе хиянат гьабуге. **Гьеб бит1ун х1алт1изаби буго нужее дунялалда ва ахираталда лъик1аблъун батизе бугеб жо.**

Рит1ухъав даранчиясда г1адамал божула, гьесул даранги лъик1 бук1уна, хайирги ц1ик1к1ун щола, г1адамаз гьесул къадру-къимат гьабула. Жинца х1илла гьабулев даранчи гьеб х1илла сабаблъун х1инкъун вук1уна, гьеб лъач1огоги хут1уларо. Цинги гьесдаса божилъиги хола, гьесул даранги баракат гьеч1еб бук1уна. Г1адамал гуккун бахъараб шагьи-капек х1алалаб бац1ц1адаб г1арацги цадахъ бачун кодоса т1аг1унеб бук1уна.

وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ ۚ إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَٰئِكَ كَانَ عَنْهُ مَسْئُولًا ﴿٣٦﴾

**36. Дуда жиб лъалареб ва дур жинда х1ажалъи гьеч1еб жо ц1ехон гьелда хадув мун лъугьунге.** Дуда лъалареб жо лъалин абуге, бихьич1еб

бихьанин абуге, рагӀичӀеб рагӀанин абуге. **ХӀакълъунго къиямасеб къоялъ дур гӀин, бер ва ракӀ гьаб кинабго жинца гьабураб гӀамалалъул кӀалгьикъи гьабизе бугеб буго.**

Гьединго кӀалгьикъизе буго щибаб лагаялъ гьабураб гӀамалалдаса. Гьеб щибаб лага кӀалъазабун, гьелъ бицине буго хабарги.

ГӀакъилав, иман камилав инсанасда рекъараб буго лъикӀабго жо гурони бихьичӀого букӀине, гӀадамазе мунпагӀат бугеб жо гурони кӀалалъ бицинчӀого букӀине ва жиндир дунялалъе ва ахираталъе мунпагӀат бугеб жо гурони гӀиналда рагӀинчӀого букӀине. Жиндир ракӀ кидаго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсеялда машгъуллъун букӀине, цогидаб кинабго жоялдаса гьеб гъапуллъун букӀине.

**37. Мун гьаб ракьалда тӀад чӀухӀдарилаго хьвадуге,** рилълъен кӀибикӀизабуге, къаркъала гьетӀаризабуге. Габур кӀичӀун, чӀухӀун, гӀамалкӀодолъун хьвадуге. **ХӀакълъунго дуда кӀоларо кинабго ракьалда тӀад хьвадун гьелда дур чӀухӀи бихьизабизе, мугӀрузда тӀаде вахун гьел дуе мутӀигӀ гьаризеги.**

وَلَا تَمْشِ فِي ٱلْأَرْضِ مَرَحًاۖ إِنَّكَ لَن تَخْرِقَ ٱلْأَرْضَ وَلَن تَبْلُغَ ٱلْجِبَالَ طُولًا ﴿٣٧﴾

Цоги магӀна гьабуна: гьаб ракьалда тӀад цо гьитӀинаб каратӀ, кьватӀел гьабизе кӀоларо дуда, мегӀералда гьеб борлъун гӀуж гьабизеги кӀоларо. Гьединав загӀипав, щибго гьунар гьечӀев мун гьаб ракьалда тӀад чӀухӀун кин хьвадулев? ТӀадегӀанав Аллагьас Къарунил къисса бицана гьев чӀухӀдарилаго къавмалда цеве вахъараб мехалъ гьевги, гьесул мина-милк ва боцӀи-малги ракьулъ жанибе инабиялъул.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугӀумарида цо рилълъен чӀухӀарав чи вихьараб мехалъ гьес абуна: «ЩайтӀабазул вацал рукӀунаха гӀадамазда гьоркьорги»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хӀадисалдаги буго:*«Дир умматалъул гӀадамал рилълъен чӀухӀизабун хьвадараб мехалъ, румазги, пурсазги гьезие хъулухъги гьабураб мехалъ, Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *гьеб дир умматалъул гӀадамазул цоязда тӀад зулму гьабизе цогидал тӀамула»* - абун. ХӀадис Гьайсамияс бицана лъикӀаб нухалдасан.

**38. Гьал рехсарал пишабазул квешабщинаб жо Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **рихараб буго.**

كُلُّ ذَٰلِكَ كَانَ سَيِّئُهُۥ عِندَ رَبِّكَ مَكْرُوهًا ﴿٣٨﴾

Жиндир гӀакълу бугев чи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рихараб жо гьабиялдаса

рик1к1алъун, гьев разилъулеб г1амал гьабун хьвадулев вук1уна.

**39. Гьаб цебе бицараб хабар буго, Мух1аммад ﷺ, Аллагьас ﷻ дуда вах1ю гьабулеб, жиндир х1икматалдаса ва г1елмуялдаса.**

ذَٰلِكَ مِمَّآ أَوۡحَىٰٓ إِلَيۡكَ رَبُّكَ مِنَ ٱلۡحِكۡمَةِۗ وَلَا تَجۡعَلۡ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَتُلۡقَىٰ فِي جَهَنَّمَ مَلُومًا مَّدۡحُورًا ٣٩

Пасих1аб ваг1заги, г1акъилаб насих1атги буго гьеб. Гьелда нахъвилълъарав бахьибугевлъун лъугьулеб хазинаги буго. Гьеб к1очарав, гьелда ч1ух1арав бахьикъосаравлъун лъугьулеб х1инкъи кьейги буго.

**Дуца Аллагьгун ﷻ цадахъ цоги алагьзаби гьаруге** жидее г1ибадат гьабулел ва жидедаса шапаг1ат т1алаб гьабулел. **Гьедин дуца Аллагьасде ﷻ ширк гьабуни мун жужах1алда жаниве рехула, дуда Аллагьасги ﷻ халкъальги г1айиб ч1вараввлъун ва кинабго лъик1лъиялдаса ва рах1маталдаса рик1к1ад гьавуравлъун.**

Т1адег1анав Аллагьас гьал аятазда жаниб (23 – 29 аятал) хирияв аварагасда ﷺ ва гьесул уммат- муъминзабазда васият гьабун ц1акъ к1вар бугел масъалаби рицана. Аллагьас ﷻ амру гьабун ва т1адаблъун гьабун гьел рицун ругелъул, рак1алда ч1езаризе ва т1адрусун гьезул пикру гьабизе рекъарал масъалабиги ругелъул, дица гьел баян гьарич1ого рик1к1ун толел руго:

1) Аллагьасда ﷻ ширк гьабуге абун амру гьабуна.

2) Гьебго аяталда жаниб гьеб ширк гьабуге абураб раг1иялда нахъ цузабун
эбел-инсуе лъик1лъи гьабе абун амру гьабуна ва гьезие щибго зарал бугеб жо гьабуге абун нагьюги гьабуна.

3) Г1агарав чиясе, мискин чиясе, сапаралда вугев чиясе лъик1лъи гьабе ва гьезие кколеб х1акъ кье абун амру гьабуна.

4) Аллагьас ﷻ жиндие кьураб х1алалаб боц1и г1адада хвезабуге абун нагью гьабуна. Гьеб «Табзир» гьабулел г1адамал щайт1абазул вацал рук1инги бицана, щайт1ан Аллагьасда ﷻ инкар ккураб бук1инги бицана.

5) Лъик1лъи т1алаб гьабун вач1арав чиясул х1ажат т1убазе рес гьеч1они гьесда берцинаб раг1и бицун гьесул рак1 х1алхьезабеян амру гьабуна.

6) Ц1акъго къарумлъун, г1адамазе лъик1лъи гьабич1ого вук1унге ва т1убанго квер щвакун кинабго маг1ишат къват1ибе кьоге абун нагью гьабуна ва гьелда т1аде бач1унеб квешаб асарги бицана.

7) Аллагьас ﷻ ризкъи жиндие бокьухъин бикьулеб бук1ин ва гьев лагъзадерил маслах1ат лъалев вук1ин бицана – гьедин бугелъул Аллагьас

جَلَّجَلَالُهُ ризкъи г1ат1идго кьурас щукру гьабизе, дагьго кьурас сабру гьабизе. Гьеб ризкъиялъул амру Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ кодоб бук1ин лъан х1алхъублъи, х1асад гьабич1ого рук1ине, сабруги берцинаб гьабизе.

8) Хьихьизе к1оларо абун х1инкъун лъимал ч1ваге абун нагью гьабуна, гьеб к1удияб мунагь бук1инги баян гьабуна. Гьел лъималазеги нужееги ризкъи кьолев Разикъ жив вук1инги бицана.

9) Зинаялда г1агарлъуге абун нагью гьабуна.

10) Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ х1урмат ц1унараб, жиб ч1вазе х1арам гьабураб напс ч1ваге абун нагью гьабуна.

11) Жив ч1варасул валиясе къисас босизе ихтияр бук1ин бицана, амма къисас босулаян абун зулму гьабизе бегьулареблъиги бицана.

12) Ятимзабазул боц1уда аск1оре къан гьелъие зарал гьабуге абун нагью гьабуна.

13) Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ ва г1адамазе гьабураб къот1и т1убазабеян амру гьабуна. Гьеб къот1и жиндаса жаваб т1алаб гьабулеб бук1инги бицана.

14) Ц1адиро, къали ва цогидаб борцунеб, ц1алеб жо мух1кан гьебе, т1убазабе абун амру гьабуна.

15) Жинда лъалареб жо бицунге абун нагью гьабуна.

16) Ракьалда т1ад ч1ух1ун хьвадуге абун нагью гьабуна.

17) Гьаб рехсараб г1амалалъул квешаб жо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рихараб, гьев жинда разилъулареб бук1ин бицана.

18) Гьал васиятазул авалалда абураб г1адин, гьезул ахиралдаги Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабун, гьевгун цадахъ цоги алагьзаби ккоге абун нагью гьабуна.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги гьал васиятал т1уразаризе ва гьезул пикру гьабун гьаздаса ваг1за босизе. Амин.

أَفَأَصْفَىٰكُمْ رَبُّكُم بِٱلْبَنِينَ وَٱتَّخَذَ مِنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ إِنَٰثًا ۚ إِنَّكُمْ لَتَقُولُونَ قَوْلًا عَظِيمًا ﴿٤٠﴾

**40.** Малаикзаби Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал руго абун жидеца абулел г1арабиязда хит1аб гьабун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго: **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее васалищха т1аса рищарал, я гьал г1арабал, жинца малаикзабазул ясал жиндиеги тун?».**

Гьадинаб мекъаб х1укму щай нужеца гьабулеб? **Х1акълъунго Нужеца абулеб раг1и ц1акъ к1удияб раг1и буго**! Нужее бокьараб жо нужее буго абун, нужее рихараб жо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго абун.

وَلَقَدْ صَرَّفْنَا فِى هَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ لِيَذَّكَّرُوا۟ وَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا نُفُورًا ﴿٤١﴾

**41. Х1акълъунго Дица гьаб хирияб Къуръаналда жанир г1адамазе мисалал баян гьаруна**

**гьез ваг1за босизе бокьун.**

Бат1и-бат1иял далилалги рачана, жедеда инкар гьабизе к1оларел г1аламаталги рицана. **Амма куфру-ширкалда ругел г1адамазе гьелъ щибго мунпаг1ат гьабулеб гьеч1о гьел иман лъеялдаса рик1к1ад гьари гуреб,** пикру гьабун г1ибрат босизе къасдго гьабулеб гьеч1о гьез.

قُل لَّوْ كَانَ مَعَهُۥٓ ءَالِهَةٌ كَمَا يَقُولُونَ إِذًا لَّٱبْتَغَوْا۟ إِلَىٰ ذِى ٱلْعَرْشِ سَبِيلًا ﴿٤٢﴾

**42. Дуца гьел мушриказда абе, Мух1аммад ﷺ! Нужеца абулеб х1алалъ Т1адег1анав Аллагьасда цадахъ цогиги алагьзаби рук1аралани, гьез г1арщалъул Бет1ергьанав Аллагьасде къец гьабизе бук1ана** ва гьев къезавун, гьесул бак1алда жал ч1езе г1амал гьабизе бук1ана.

Гьаб дунялалъул ханзабаца гьабулеб жо бихьуларищ нужеда? Цох1о лах1заталъ цо хан цогидасдаса къун ч1ч1оларо, жив къарав вук1ун гурони ва жиндир гьунарги гьеч1ого гурони. Гьел алагьзабиги ч1ч1езе рук1инч1о къун. Гьеч1о гьев Аллагьасда ﷻ данде вахъине к1олев щивниги чи яги жо.

سُبْحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يَقُولُونَ عُلُوًّا كَبِيرًا ﴿٤٣﴾

**43. Жив Т1адег1анав ва Вац1ц1адав вуго Аллагь ﷻ гьал мушрикаца жинда г1унт1изарулел сипатаздаса,** жиндие шарик вук1иналдаса, малаикзаби гьесул ясал рук1иналдаса ва цогидалги мукъсанал сипатаздаса. **Ц1акъ к1удияб т1адег1анлъи буго гьев Аллагьасе ﷻ ва къадру макъам к1одолъиги буго.**

تُسَبِّحُ لَهُ ٱلسَّمَٰوَٰتُ ٱلسَّبْعُ وَٱلْأَرْضُ وَمَن فِيهِنَّ ۚ وَإِن مِّن شَىْءٍ إِلَّا يُسَبِّحُ بِحَمْدِهِۦ وَلَٰكِن لَّا تَفْقَهُونَ تَسْبِيحَهُمْ ۗ إِنَّهُۥ كَانَ حَلِيمًا غَفُورًا ﴿٤٤﴾

**44. Гьев Аллагь ﷻ Вац1ц1ад гьавун, Гьев т1адег1ан гьавун анкьабго зобалъ ва ракьалъ тасбих1 гьабула Гьесие. Гьеб зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъаталъги тасбих1 гьабула Аллагьасе ﷻ . Гьес бижараб махлукъаталъул цониги жо гьеч1о жинца тасбих1 гьабулеб бук1ун гурони ва Аллагьасе ﷻ рецц гьабулебги бук1ун гурони.**

Кинабго жо жинца нуг1лъи гьабулеб буго Аллагь ﷻ цо вук1иналда ва гьесул къудрат-гуч к1удияб бук1иналдаги.

Рорхатал зобалазул хъах1иллъиги, ракьалда бижараб хералъул г1урччинлъиги, ахазул берцинлъиги, гъут1бузул керчлъиги, лъималъул чвал-чвалиги, х1анч1азул ч1ирч1идиги, бакъалъул бакки ва т1ерхьинги, ц1ураб моц1алъул берцинлъиги, нак1к1укьан чвахулеб ц1адги ва

гьеб гуребги махлукъат жинца нуг1лъи гьабулеб буго Аллагь ﷻ цо вук1иналда, гьев Вац1ц1адав ва Т1адег1анав вук1иналда. Кинабго рецц гьаби жиндие хасав Халикъ ва кинабго лагълъи жиндие гьабизе т1адав маг1буд вук1иналдаги.

**Кинниги, г1адамазда гьеб тасбих1 бич1ч1уларо ва раг1уларо. Х1акълъунго Гьев Аллагь ﷻ ц1акъ гурх1улев ва мунагьал рахчулев вуго**. Жинда г1асилъарасе г1азаб гьабич1ого, гьесда гурх1ун, гьев тавбу гьабизе толев вуго, цинги гьесул тавбу къабул гьабун жив т1аса лъугьуневги вуго. Гьаб х1елмуги рах1муги Бет1ергьанасул бук1инч1ебани ва г1асилъарасе г1азабги гьабулеб бук1арабани, ц1акъ дагьав чи хвасарлъилаан гьесул г1азабалдаса.

Г1алимзабазул г1емерисел жинда рекъараб раг1и буго гьаб тасбих1 гьаби рух1 бугеб жоялдаги рух1 гьеч1еб жоялдаги г1аммаб буго абун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибнумасг1удица абуна: *«нижеда т1аг1ам кваналеб мехалъ гьелъул тасбих1 раг1улеб бук1ана»*- абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузаррица бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ч1инхал кодор ккураб мехалъ нижеда гьезул тасбих1 раг1улеб бук1ана, найдал т1алаялдаса раг1улеб гьаракь г1адин» - абун. Гьадинабго хабар бицана жидеда Аллагь разилъаял Абубабкар, Г1умар, Г1усман асх1абасда кодоса ч1имхазул тасбих1 раг1ана»*- абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асх1абас бицараб х1адисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг т1аде щвана цо къавмалда жидер х1айваназда т1адги рек1ун хабар бицунел ругел, гьел х1айваназда т1ад жидер къайиги бук1ана. Хирияв аварагас* ﷺ *абуна: нужеца гьел рек1унел жал тахаллъун ккоге, нуж т1ад г1одорги ч1ч1ун, годек1анир г1адин хабар бицунел рук1ине. Гьел х1айванал лъик1ал ратизе бегьула гьезда т1ад рек1арав чиясдаса, гьез Аллагьги* ﷻ *г1емер рехсолев ватизе бегьула»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги г1емераб ва берцинаб хабар буго г1алимзабаца бицараб кинабго махлукъаталъ жиндир Халикъасе тасбих1 гьабулеб бук1ин баян гьабун ва гьелъул х1икматал рицун. Жиндир г1акълуги бугев, жинда жо бич1ч1изе ресги бугев капурав инсан Аллагь ﷻ цо гьавизе, гьесие тасбих1 гьабизе ч1ух1ун ч1ч1ун вуго.

Субх1аналлагь, Аллагь ﷻ ц1акъ Х1алимав вуго! Жив алагь вуго абун к1алъарав пирг1авниеги ханлъи ва ризкъи кьурав вуго. Аллагьас ﷻ ц1унаги нилъ гьесул х1алимлъиялъ гуккун, гьев рехсеялдаса

гъапуллъиялдаса.

Гьеб тасбих1алъул бищун къокъаб ва хирияб раг1и буго: «Субх1аналлагьи ва Бих1амдигьи. Субх1ана Ллагьил Г1азим» – аби. Радал бакъанида цо нусго нухалъ г1аги гьаб раг1и абиялъул г1емер хиралъи бицун буго. Гьалъул маг1наги буго: «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1ц1адав вуго кинабниги жиндие нукъсанлъи бач1унел сипатаздаса. Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хасаб буго. Жиндир гуч бергьарав Аллагь вац1ц1ад гьавула дица, гьесда рекъоларебщинаб жоялдаса» - абун.

**45. Дуца гьаб хирияб Къуръан ц1алараб мехалъ дица дудаги жидеца ахираталда иман лъоларел къавмаздаги гьоркьоб пардав гьабула, гьеб Къуръан гьезда бич1ч1изе ва гьелъул х1икмат лъазе гьукъулеб,** цинги гьез гьелда иманги лъоларо. Гьаб буго гьезул куфру сабаблъун гьезие гьабулеб г1акъуба.

وَإِذَا قَرَأْتَ ٱلْقُرْءَانَ جَعَلْنَا بَيْنَكَ وَبَيْنَ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْـَٔاخِرَةِ حِجَابًا مَّسْتُورًا ﴿٤٥﴾

Цоги маг1на гьабуна: дуца Къуръан ц1алараб мехалъ дица дудаги жидеца ахираталдаги иман лъолареб къавмалдаги гьоркьоб пардав гьабула, мун гьезда вихьулареб-абун. Гьаб маг1наялъе далиллъун жидеда Аллагь разилъаял Абубакрил яс Асмаца бицараб х1адис рехсана:

*«Таббат» абулеб сурат рещт1инабураб мехалъ гьеб сураталда жий рехсарай Абулагьабил ч1ужу Жамила яч1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ц1ехон. Гьей ццим бахъун хьандолей йик1ана, жинда кодоб нилъги бук1ана.*

*Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асх1абас абуна дун х1инкъулев вугин гьелда мун вихьиладай абун. Аллагьасул свалат слам лъеяв Аварагас абуна: «Гьелда дун вихьуларо» - абун. Цинги жинца Къуръан ц1алана ва гьаб аятги ц1алана (45 аят) Жамила аск1ой яч1ун Абубакар асх1абасда к1алъана: «Дур гьалмагъас дун какун раг1ула»* - абун. Гьелда аварагги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ вихьич1о (х1адис къокъ гьабун хъвана) Х1адис абу Яг1лаца бицана.

**46. Дица гьел мушриказул рак1азда т1ад т1алъел гьабуна, гьезда Къуръан бич1ч1ич1ого бук1ине. Гьезул г1ундузда жаниб бак1лъи ва г1инкълъиги гьабуна жидеда гьеб Къуръан раг1ич1ого бук1ине** ва гьелъул пикру гьабич1ого бук1ине. **Дуца Къуръанги ц1алун гьелда жанив Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо гьавураб мехалъ** «лаилагьа

وَجَعَلْنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ أَكِنَّةً أَن يَفْقَهُوهُ وَفِىٓ ءَاذَانِهِمْ وَقْرًا ۚ وَإِذَا ذَكَرْتَ رَبَّكَ فِى ٱلْقُرْءَانِ وَحْدَهُۥ وَلَّوْا۟ عَلَىٰٓ أَدْبَٰرِهِمْ نُفُورًا ﴿٤٦﴾

Иллаллагь» абун, **гьел мушрикал жидер мугъазде руссун лъутун унел руго.**

Гьаб «лаилагьа иллаллагь» абураб рагIи буго мушриказе ва иблисалъе цIакъ рихараб, гьезул мугъ бекизабулеб рагIи. Гьаб рагIиялдалъун къватIиве вахъарав бусурманчиясе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квербакъула ва жиндир тущбабазда тIад гьесул кверщелги батула, исламияб диналъе бергьенлъиги щола.

**47. Дида лъикI лъала, МухIаммад ﷺ, гьел мушрикал дур Къуръаналда щиб мурадалда гIенеккулел ругел.**

نَّحْنُ أَعْلَمُ بِمَا يَسْتَمِعُونَ بِهِۦٓ إِذْ يَسْتَمِعُونَ إِلَيْكَ وَإِذْ هُمْ نَجْوَىٰٓ إِذْ يَقُولُ ٱلظَّـٰلِمُونَ إِن تَتَّبِعُونَ إِلَّا رَجُلًا مَّسْحُورًا ﴿٤٧﴾

Гьезул мурад гьечIо Къуръаналдаса мунпагIат босизе. Гьезие бокьун буго мун ва Къуръан махсароде гьаризе. **Гьел дур Къуръан цIалиялда гIенеккулел руго, цинги жидедаго гьоркьор балъго щурщудилел руго** Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ аварагасдаги ﷺ иман лъурал гIадамазда гьел мушрикаца абулеб буго: «**Нуж руго жиндие сихIру гьабун жив гIадаллъизавурав чиясда нахърилълъун,** гьес бицунеб жоги щибго лъалареб, жоба-гъобараб жо бугин, жинда вахIю рещтIанаян абун нужее цIалулеб»-абун.

**48. Мун валагье, МухIаммад ﷺ, ва дуца пикру гьабе кин гьел мушриказ батIи-батIияб жо бицунеб бугеб мун гьереси гьавизе бокьун ва гIадамал дуда нахърилълъине бокьичIого. Гьел руго цIакъ къосун ругел гIадамал ва гьезда битIараб нух батизеги кIолеб гьечIо.**

ٱنظُرْ كَيْفَ ضَرَبُوا۟ لَكَ ٱلْأَمْثَالَ فَضَلُّوا۟ فَلَا يَسْتَطِيعُونَ سَبِيلًا ﴿٤٨﴾

Мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда цин сихIручи вугин гьеван абулеб букIана, цоги нухалъ шигIро гьабулев чи вугоян абулеб букIана, жундуца ккурав чи вуго абуна, жиндие сихIру гьабун гIадал гьавурав вугоянги абуна.

**49. Капурал гIадамаца абуна: «Ниж турарал рукьбилъун лъугьараб мехалъ, нижер гьанги ракьлъун лъугьараб мехалъ, цIидасан ниж чIаго гьарун тIадейищ рахьине гьарулел» - абун.**

وَقَالُوٓا۟ أَءِذَا كُنَّا عِظَـٰمًا وَرُفَـٰتًا أَءِنَّا لَمَبْعُوثُونَ خَلْقًا جَدِيدًا ﴿٤٩﴾

Гьаб буго гьез ахираталда инкар кквей ва авараг ﷺ гьереси гьави.

**50. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, нужер** ۞ قُلْ كُونُوا۟ حِجَارَةً أَوْ حَدِيدًا ﴿٥٠﴾

**ганч1ал лъугьаниги, махх лъугьаниги,**

أَوْ خَلْقًا مِّمَّا يَكْبُرُ فِي صُدُورِكُمْ ۚ
فَسَيَقُولُونَ مَن يُعِيدُنَا ۖ قُلِ الَّذِي فَطَرَكُمْ
أَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ فَسَيُنْغِضُونَ إِلَيْكَ رُءُوسَهُمْ
وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هُوَ ۖ قُلْ عَسَىٰ أَن يَكُونَ قَرِيبًا ﴿٥١﴾

**51. Яги гьелдасаги къвак1араб нужеда ч1аго гьабизе к1оларо абун рак1алде кколеб жолъун лъугьаниги, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж ч1аго гьаризе руго ва нужее жазаъги гьабизе буго.**

Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щибго бат1алъи гьеч1о ракьа-гьан бугониги, махх-чаран бугониги, гьесда гьеб бокьараб х1алалде свеִризабизе к1ола: Махх-чаран рух1 лъун ч1аго гьабизе к1ола, ракьа-гьан рух1 гьеч1еб жолъун гьабизеги к1ола.

**Цингиги гьел мушриказ дуда абизе буго, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, щивха вугев ниж ц1идаса рух1 лъун ч1аго гьарулев чи абун. Дуца гьезда абе: «Щибго жо гьеч1еб бак1алда нуж рижарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго хун хадур нуж ч1аго гьарулевги» - абун. Цинги ц1акъго кеп щун, мун махсароде гьавун, дуда т1аде бут1рулги гьет1изарун гьез абизе буго: «Кидалг1аги гьеб жо бук1ине бугеб?» - абун. Дуца гьезда абе: «Гьеб г1емер рик1к1адаб жо гьеч1о» - абун.** Жиб бук1ин ва бач1ин х1акъаб жо г1агарда бугеб г1адин бук1уна.

يَوْمَ يَدْعُوكُمْ فَتَسْتَجِيبُونَ بِحَمْدِهِ وَتَظُنُّونَ
إِن لَّبِثْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٥٢﴾

**52. Гьеб бук1ине буго Бет1ергьан Аллагьас нуж мах1шаралда ах1ун данде гьарулеб къоялъ. Нужеца гьаб ах1иялъе ц1акъ хехго жавабги кьола. Нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдаги мут1игlлъула.**

Жакъа дида данде г1адин къацандуларо ва нужер ч1ух1и ва г1амалк1одолъиги ракьулъго хут1ун бук1уна. **Гьеб мах1шаралъул х1инкъиги зах1малъиги нужеда бихьараб мехалъ нужеда рак1алде ккола нижеца дунялалда ц1акъ дагьаб заман гурони бач1о абун.** Цох1о саг1атг1ан замана бана абун ккола, яги цо къо бан батилин ккола.

وَقُل لِّعِبَادِي يَقُولُوا الَّتِي هِيَ أَحْسَنُ ۚ إِنَّ
الشَّيْطَانَ يَنزَغُ بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّ الشَّيْطَانَ كَانَ
لِلْإِنسَانِ عَدُوًّا مُّبِينًا ﴿٥٣﴾

**53. Дида иман лъурал муъминзабазде дуца абе, Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Нужеца цоцаздехун хабар бицунеб мехалъ,** мушавара гьабулеб мехалъ, даран-базар ва цогидаб нужер х1ажалъи бицун к1алъалеб мехалъ **нужеца калам берцинаб гьабе ва тамахаб, х1еренаб раг1и бице цоцаздехун. Гьел муъминзаби цоцалъ къацандизаризе ях1 бахъула щайт1аналъ. Х1акълъунго гьеб щайт1ан буго инсанасул загьираб ва баянаб тущман.**

Нужер мацӀалдаса бортараб тохаб рагӀиги ккун щайтӀаналъ нуж цоцазде тӀаде тӀамула, нужеда гьоркьоб питнаялъул цӀаги бакула, цоцаздехун ццим бахъин, тущманлъиги бижизабула»-абун.

رَّبُّكُمْ أَعْلَمُ بِكُمْ إِن يَشَأْ يَرْحَمْكُمْ أَوْ إِن يَشَأْ يُعَذِّبْكُمْ وَمَا أَرْسَلْنَٰكَ عَلَيْهِمْ وَكِيلًا ﴿٥٤﴾

**54. Нужер БетӀергьан Аллагь вуго жинда нужер хӀалал лъалев** ва нужее маслихӀатаб жоги лъалев. **Жиндие бокьани гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **нужеда гурхӀун тӀаса лъугьина, бокьани нужее нужер гӀамалазда рекъараб гӀазаб гьабила. Дица мун гьеб умматалде витӀичӀо, МухӀаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьел цӀунулевлъун, гьезул амру дуда тӀадкъарав вакиллъун.**

Мун витӀун вуго Дир рисалат гьезухъе щвезабулев расуллъун. Дуда мутӀигӀлъарав чи алжаналде ине вуго, дуда гӀасилъарав чи жужахӀалде ине вуго.

وَرَبُّكَ أَعْلَمُ بِمَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ ٱلنَّبِيِّۦنَ عَلَىٰ بَعْضٍ وَءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ زَبُورًا ﴿٥٥﴾

**55. Гьединго дур БетӀергьан Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **лъикӀ лъала, МухӀаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, зобалазда ва ракьалда бугеб кинабго жиндир махлукъат. Дица гьел умматазда ритӀулел аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **цоял цояздаса хира гьаруна ва тӀокӀ гьаруна.**

Жидеда тӀад къараб рисалат хал гьабун ва жидер умматалъул гӀасилъи ва пасикълъи бихьун.

Дица Ибрагьим авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Дир гьудуллъун гьавуна (Халилуллагь) Муса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Дун жинда кӀалъаравлъун гьавуна (Калимуллагь) Сулейман аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ кӀудияб ханлъи кьуна. МухӀаммад аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мигӀражги Къуръанги кьуна. Гьев МухӀаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ цересел ва хадусел умматазул сайидлъунги гьавуна (хан, кӀудияв) Гьаб кинабго ишалъулъ БетӀергьан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хӀикмат букӀуна, жинда гурони лъалареб. **Дица Давуд аварагасухъе** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Забурги кьуна:** жинда жаниб гӀелму-хӀикмат бугеб ва гьелдалъун гӀадамазда гьоркьоб хӀукмуги гьабулеб.

قُلِ ٱدْعُوا۟ ٱلَّذِينَ زَعَمْتُم مِّن دُونِهِۦ فَلَا يَمْلِكُونَ كَشْفَ ٱلضُّرِّ عَنكُمْ وَلَا تَحْوِيلًا ﴿٥٦﴾

**56. Дуца гьел мушриказда абе, МухӀаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**! «Жеха нужеца ахӀи бай нужерго алагьзабазда, хӀакъав Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **тун нужеца жидее лагълъи гьабурал ва гьез нужее шапагӀат гьабиялда божун нужги ругел.**

Малаикзабазда, ГӀисада, ГӀузайрида бай ахӀи гьел алагьзабилъун

ккураз. Хъанчазда ва суратазда бай ах1и гьел алагьзабилъун ккураз. Ва щайихзабазда вализабазда бай ах1и, гьезда божун хьуллъун ругеца. **Киг1ан нужеца ах1и баниги гьез нужее жаваб гьабуларо, гьезда нужедаса къварилъи борхизеги к1оларо, яги гьеб къварилъи цоги рахъалдехун сверизабизеги к1оларо.**

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ يَدْعُونَ يَبْتَغُونَ إِلَىٰ رَبِّهِمُ
الْوَسِيلَةَ أَيُّهُمْ أَقْرَبُ وَيَرْجُونَ رَحْمَتَهُ
وَيَخَافُونَ عَذَابَهُ ۚ إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ كَانَ
مَحْذُورًا ﴿٥٧﴾

**57. Нужеца жидее лагълъи гьабизе алагьзабилъун ккурал малаикзаби, Г1иса ва Г1узайр авараг عليه السلام жалго руго Аллагьасде унеб нух ц1ехолеллъун, Гьев разилъи т1алаб гьабулеллъунги ва Гьесие т1аг1ат, г1ибадат гьабун хьвадулел ва Гьесда г1агарлъулеб нух ц1ехолел. Гьел кин алагьзабилъун рук1инел ва гьез нужее щиб квербакъиги гьабилеб, жалгоги Аллагьасул جل جلاله рах1маталда хьул лъуралллъун ва гьесул г1азабалдаса х1инкъулеллъун рук1аго. Х1акълъунго дур Бет1ергьанасул г1азаб ц1акъ жиндаса ц1уни т1алаб гьабизе рекъараб г1азаб буго,** жиндасан х1инкъизе мустах1икъабги буго.

وَإِن مِّن قَرْيَةٍ إِلَّا نَحْنُ مُهْلِكُوهَا قَبْلَ يَوْمِ
الْقِيَامَةِ أَوْ مُعَذِّبُوهَا عَذَابًا شَدِيدًا ۚ كَانَ ذَٰلِكَ
فِي الْكِتَابِ مَسْطُورًا ﴿٥٨﴾

**58. Цониги росдал агьлу гьеч1о дица жиб гьалаг гьабулеблъун гурони къиямасеб къо бач1инелде ццебего:** жидер рижи т1аг1инабун, наслу бакъвазабун. **Яги дица гьезие гучаб г1азабниги гьабила:** дагьал г1адамал хвасарлъаниги, г1емерисезда гьеб г1азаб г1амлъулеб. **Гьаб дир х1укмуги дир азалияб г1елмуялъулъго гьабураб, Лавх1улмах1фузалда хьван бугеб х1укму буго.**

Гьаб буго куфру-ширкалда т1ад ч1арал, жидеца ракьалда т1ад пасалъи гьабулел ва Аллагьасул جل جلاله х1акъаб диналдаса г1адамал нахъч1валел залимзабазе бугеб х1укму.

وَمَا مَنَعَنَا أَن نُّرْسِلَ بِالْآيَاتِ إِلَّا أَن كَذَّبَ
بِهَا الْأَوَّلُونَ ۚ وَآتَيْنَا ثَمُودَ النَّاقَةَ مُبْصِرَةً
فَظَلَمُوا بِهَا ۚ وَمَا نُرْسِلُ بِالْآيَاتِ إِلَّا تَخْوِيفًا ﴿٥٩﴾

**59. Гьел мушриказ дудасан т1алаб гьабулеб муг1жизат бит1ич1ого теялъе сабаб гьеч1о, Мух1аммад صلى الله عليه وسلم, гьезда цересел умматазги жидеца т1алаб гьабураб муг1жизат бач1араб мехалъ гьеб гьереси гьабун бук1ин гуреб.**

Дир г1адат буго умматалъ т1алаб гьабураб муг1жизат гьезие къураб мехалъ ва гьез гьеб муг1жизат гьереси гьабураб мехалъ гьеб уммат гьалаг

гьабулеб. Гьаб дур умматги гьалаг гьабизе буго дица гьез т1алаб гьабураб муг1жизатги кьун, цинги жидеца гьеб гьереси гьабураб мехалъ.

Гьаб аят рещт1инабиялъе сабаб бицун тафсиралъул г1алимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса Маккаялъул мушриказ т1алаб гьабулеб бук1ана «Ссафа» мег1ер меседилльун гьабе абун. Маккаялда сверухъ ругел муг1рулги нахъе инарун, гьениб ах-хур бижизе санаг1атаб ракь гьабе абунги. Т1адег1анав Аллагьас мушриказда т1алабалда рекъон гьеб муг1жизат бихьизе гьабич1о. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ азалияб г1елмуялда бук1ана гьеб маккаялъул агьлуялъул цо г1адамаз иман лъезе бук1ин, гьездаса исламияб диналъе квер бакъи гьабулел бах1арзал рук1унеблъиги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Жабраил малаик вит1ун, гьесда Т1адег1анав Аллагьас абидалго: дуе бокьани гьеб муг1жизат кьела, амма гьеб гьереси гьабидалго гьел киналго гьалагги гьарила, дуе бокьани гьеб муг1жизат кьеларо ва гьел гьалаг гьарич1ого нахърахъунги тела-абун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна гьел нахърахъун теян абун. Гьелдаса хадуб исламалда рач1арал бах1арзаздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Г1аббас, аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ инсул вац. Халид ибну Валид, «Аллагьасул хвалчен»-абун жинда ц1ар тарав исламалъул бах1арчи, ва цогиги хириял асх1абзаби жидеда Аллагь разилъаял.

**Дица Самудиязул къавмалъе муг1жизатлъун варани кьун бук1ана** гьезул т1алаб гьабиялдалъун: гьезул бералдаги бихьун кьурулъан къват1иб бач1ун, жиб ракьалда хьвадулеб, жидеца гьелъул рахь гьекъолеб, **жиб загьираб, баянаб муг1жизат бук1ана гьеб варани. Самудияцаги зулму гьабуна гьеб муг1жизат гьереси гьабун ва дица гьелги гьалаг гьаруна.**

**Дица т1абиг1ияб г1аламатги гьабуларо:** ракь багъари г1адаб, пири реч1и г1адаб, бакъ-моц1 кквей г1адабги **гьел г1адамал х1инкъизе гьари бокьун гурони.** Гьез пикру гьабизе бокьун ва гьел г1аламатаздалъун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда, гьесул къудрат-гучалда кант1изе бокьун. Ва амма гьезул пикру гьабулел ва г1ибрат босулел г1адамал ц1акъ дагь гурони гьеч1о.

**60. Дица дуда бицараб г1уж рак1алда щвезабе Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Х1акълъунго дур Бет1ергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир г1елмуялдалъун киналго г1адамазда сверун лъугьарав вугин.** Гьезул цебе араб заманаялъ, гьаб х1алалъги,

وَإِذْ قُلْنَا لَكَ إِنَّ رَبَّكَ أَحَاطَ بِالنَّاسِ وَمَا جَعَلْنَا
الرُّءْيَا الَّتِي أَرَيْنَاكَ إِلَّا فِتْنَةً لِّلنَّاسِ
وَالشَّجَرَةَ الْمَلْعُونَةَ فِي الْقُرْءَانِ وَنُخَوِّفُهُمْ
فَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا طُغْيَانًا كَبِيرًا ٦٠

хадуб бач1улеб заманалъги гьабураб ва гьабулеб г1амал жинда лъалев вугин. Гьеб г1елмуялдалъун Аллагьасда ﷻ лъала маккаялъул мушриказул церехъабаца кинаб муг1жизатгун мун вач1аниги дуда иман лъолареблъи.

**Дица мун миг1ражалдаги вачун гьенир дуда рихьизарурал г1ажаибал жал дуда рихьизаричlo Мух1аммад ﷺ, гьел г1адамазул х1албихьи гьабизе гурони.** Мун миг1ражалда иналда гьез инкар ккуна, дуца рицарал г1аламаталги гьереси гьаруна, х1атта цо-цо иман заг1ипал чиг1и иманалдаса руссун муртадлъана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна гьаб аяталда жаниб Аллагьас ﷻ рехсараб жо макьу гьечlo. Гьаб буго х1акъикъаталда аварагасда ﷺ берда бихьараб жо абун.

**Гьединго Къуръаналда жиб рехсараб, жиндие лаг1нат кьураб гьвет1ги гьабичlo дица гьел г1адамазул х1ал бихьиялъе гурони.** Гьеб буго закъумалъул гьвет1, жужах1алда жаниб бижун бук1улеб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда алжан бихьана, жужах1ги бихьана абун бицидалго ва гьеб жужах1алъул сипат бицулаго гьениб жаниб закъумалъул гьвет1 буго абунги бицидал, Абужагьал ц1акъ воххана авараг ﷺ махсаралде гьавизе рес щванин жиндие абун ва гьес абуна: «Гьав чияс бицунеб жоялда г1енекке г1адамал! Жужах1алъул ц1адаб жаниб гьвет1 бижун буго абулеб буго гьас, гьеб ц1а жинца гьут1би рух1улеб жоги бук1адго! Гьеб гьвет1алдаса пихъ босунг1аги вач1ун вук1арав ани гьав!»-абун.

**Дица гьел иман лъеч1ел, куфру-ширкалда ч1арал г1адамазе х1инкъи кьолеб буго бат1и-бат1ияб г1азабалдалъун,** гьазда дир къудраталда т1орит1ел гьабулел г1аламаталги рихьизарулел руго. **Амма гьеб х1инкъи кьейалъ гьезие къосин ва ч1ух1и гурого ц1ик1изабулеб гьечlo.** Гьезие миг1ражалъул хабаралъги мунпаг1ат гьабичlo, жужах1алъул сипатазги гьел х1инкъизаричlo. Гьадиг1анго жал гьет1ун ва къосун ч1еялъе сабаб гьел щайт1аналъ гуккун, гьелъ махсаралде ккун рук1ин буго.

Т1адег1анав Аллагьас гьаб бак1алда щайт1аналъул аслолъун жиб бугеб иблисалъул къиса бицана ва жинцаги абуна:

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَٰٓئِكَةِ ٱسْجُدُوا۟ لِـَٔادَمَ فَسَجَدُوٓا۟ إِلَّآ إِبْلِيسَ قَالَ ءَأَسْجُدُ لِمَنْ خَلَقْتَ طِينًا ﴿٦١﴾

**61. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ, дица малаикзабада амру гьабураб гIуж нужеца Адам аварагасе ﷺ сужда гьабе абун. Гьел малаикзабаца кинацаго сужда гьабуна, амма иблисалъ гьабичIо сужда.**

Гьеб иблисалда абидалго мун щай Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялъе мутIигIлъулареб ва гьев Адамие сужда гьабулареб абун. Иблисалъ жиндир чIухIи загьир гьабуна ва **гьелъ абуна: «Дица суждайищ гьабулеб дуца хIашалдаса вижарав Адамие?»-абун.** Дун цIаялдаса бижараб буго, гьесдасаги гIемерго ццебе бижарабги буго. Дун гьесдаса къадро бугеб буго, гьев щибго гьунар гьечIев, хIашалдаса вижарав, гIодовегIанав чи вуго абун.

قَالَ أَرَءَيْتَكَ هَٰذَا ٱلَّذِى كَرَّمْتَ عَلَىَّ لَئِنْ أَخَّرْتَنِ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ لَأَحْتَنِكَنَّ ذُرِّيَّتَهُۥٓ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٦٢﴾

**62. Дуца гьав дидаса хира гьавулев вугев Адам щив чияли бице дидаян** чIухIун кIалъана Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагIнат батараб иблис жиндир БетIергьанасде данде.

Хадубги гьа гьедун гьеб иблисалъ абуна: **АллагьасхIаги, дуца дун къиямасеб къо щвезегIан хвезабичIого тани, дица гьав Адамил зуриятальул гIемерисеб халкъ къосинабун гьалаг гьарила ва дуе сужда гьабуларел гьарила»-абун.**

قَالَ ٱذْهَبْ فَمَن تَبِعَكَ مِنْهُمْ فَإِنَّ جَهَنَّمَ جَزَآؤُكُمْ جَزَآءً مَّوْفُورًا ﴿٦٣﴾

**63. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Мун а дуего бокьараб жо гьабизе,** дица мун хвезабичIого тела дие бокьарабгIан заманалъ. Дуца яхI бахъе гьел гIадамал къосинаризе. Дицаги къотIи гьабулеб буго: **мунги дуе мутIигIлъарал гIадамалги х1акълъунго дица жужахIалда жанир рехизе руго. Гьеб буго нужер гIамалалда рекъараб жазаъ ва жиб камилаб, кидаго тIаса ин гьечIеб гIазабги.**

وَٱسْتَفْزِزْ مَنِ ٱسْتَطَعْتَ مِنْهُم بِصَوْتِكَ وَأَجْلِبْ عَلَيْهِم بِخَيْلِكَ وَرَجِلِكَ وَشَارِكْهُمْ فِى ٱلْأَمْوَٰلِ وَٱلْأَوْلَٰدِ وَعِدْهُمْ ۚ وَمَا يَعِدُهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ إِلَّا غُرُورًا ﴿٦٤﴾

**64. Дуца хIал кIварав чи гукке гьел гIадамазул. Гьел гIадамал гуккизе дуца кечI-макъанги хIалтIизе гьабе, гьересиги бице, батIулаб чорокаб щинаб жо гьабизеги малъе. Дуца гьел къосинаризе тIаде тIаме киналго дур кумек чагIиги: рекIарал ругониги, лъелал ругониги, щайтIаби ругониги, гIадамазул щайтIаби ругониги.**

Гьел киналго тIаме нужеда мутIигIлъарав чи хIакъаб диналдаса вуссинавизе ва гьезда батIи-батIияб хIилла-макроги лъазабе.

**Мун гьел гIадамазул боцIи-малалъулъ ва лъимал-хъизаналъулъги гIахьаллъе ва гьоркьоб лъугьа.** БоцIи-малалъулъ гIахьаллъи гьабе гьел хIарамаб магIишат данде гьабизе риччан, цинги гьеб хIарамаб

нухда, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялда харж гьабизе риччан. Лъималхъизамалъулъ гIахьаллъи гьабе гьезул бихьинал ва руччаби цадахъ хьвадизарун, гьезда тIасан ретIел бахъун гIаврат цебе лъезабун. Цинги зина ва къабихIаб жо гьабизе гьел тIамун къват1улъ гьарурал зинадал лъимал гIемерлъизарун. Гьел къватIулъ гьарурал лъималазул аскаралги гIуцIцIун цIидасан гIадамал къосинаризе къватIибе лъугьа.

**Дуца гьел гIадамал гуккун гьезие берцинал къотIабиги гьаре.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабизе тIаме хъанчаца шапагIат гьабизе буго абун. ХIарамаб магIишат данде гьабизе тIаме гьелъ бечелъизаризе ругин абун. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхIулев вугин, гьев тIаса лъугьулин абун кIудиял мунагьал гьаризе тIаме. Чорхое щолеб лазат гьуин гьабун зина гьабизе тIаме. **ЩайтIаналъ инсанасе гьабулеб къотIи гьев гуккулеб ва гьев къосизавулеб гурони букIунаро.**

إِنَّ عِبَادِي لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَٰنٌ ۚ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ وَكِيلًا ﴿٦٥﴾

**65. ХIакълъунго дир иман камилал лагъзал гуккизе дуда кIоларо, гьезда тIад дур кверщелги батуларо.** Гьел дир цIуниялда ва аманалда рукIуна. **Дур БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIезе вуго гьезие жинца квербакъулев ва гьезул тадбир гьабулев вакиллъун.**

ТIадегIанав Аллагьас гьал аятазда жаниб (61-65), жиндирги гIадамазулги тушман иблисалъул хабар бицана ва гьелъул чIухIиялъул ва гIамал кIодолъиялъул гIорхъолъан борчIиги бицана. Жинца Адамил عَلَيْهِالسَّلَامُ зурият къосинабила абун гьа гьедун БетIергьанасда ццебе ч1ч1ун кIалъазеги кIвана гьеб малгIуналда. Хадуб Т1адег1анав Аллагьас гьеб иблисалда абулеб буго: «Мун дуего бокьаралъубе а ва дуца хIал кIвараб гIамалги гьабе гьел гIадамал къосизаризе, амма дида иман лъурав, гьеб иман лъеялъулъ ритIухъав чи дуда къосинавизе кIоларо, гьев дица цIунун вукIуна дур макроялдаса»-абун.

Гьаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламадаса муъминзабазда бичIизе ккола гьез гьабулеб гIамал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъулеб х1алалъ гьабизе тавпикъ бугеб мехалъ, жив Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIуниялда гьоркь вукIин. Жинца гьабулеб гIамалалъулъ ва гIибадаталъулъ тавпикъ гьечIеб мехалъ, жив Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялда гьетIулевги вихьараб мехалъ, гьев муъминчи кантIизе ккола жинда хадуб щайт1ан лъугьун букIиналда ва тавбо гьабизе Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ вусине хехлъи гьабизе ккола.

ЩайтIаналъ инсан кIвах1ал гьавун, тавбо гьабиялдаса ва лъикIаб гIамалалдаса гъапул гьавун чIезавула. Гьевги дагь-дагь ккун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялъулъ цIик1кIула, жиндир мунагьал гьитIинлъун рихьула, цинги гьев щайтIаналъ тIобанго кодове

восула. Щивав инсанас щибаб къоялъ жиндир напсалъул ва жиндир гIамалалъул хIисаб гьабизе тIадаб буго. Гьедин хIисаб гьабулев чи Аллагьасда ﷻ гIасилъиялъулъ халалъуларо, гьев тавбо гьабун хIакъаб нухде вуссуна. Жиндир напсалъул хIисаб гьабуларев чи щайт1аналъул квершаликь ккола. Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги жив разилъулеб гIамал гьабизе.

رَّبُّكُمُ ٱلَّذِي يُزْجِي لَكُمُ ٱلْفُلْكَ فِي ٱلْبَحْرِ لِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا ﴿٦٦﴾

**66. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер БетIергьан, я гьал гIадамал, жинца ралъдада тIад нужер гуми хьвадизарулев, гьезул кумекалдалъун нужеца ризкъиги тIалаб гьабулел.** РикIкIад сапаралда ун даран-базар гьабун. **Х1акълъунго Гьев Аллагь ﷻ нужеда гурхIулев вуго,** ва нужеда магIишат гьабулел нухал малъун нужее бигьалъи гьабулевги вуго.

وَإِذَا مَسَّكُمُ ٱلضُّرُّ فِي ٱلْبَحْرِ ضَلَّ مَن تَدْعُونَ إِلَّآ إِيَّاهُ ۖ فَلَمَّا نَجَّىٰكُمْ إِلَى ٱلْبَرِّ أَعْرَضْتُمْ ۚ وَكَانَ ٱلْإِنسَٰنُ كَفُورًا ﴿٦٧﴾

**67. Гьеб ралъадалда рукIадго нужеда цо къварилъи хъатIараб мехалъ:** гьури бахъун гама бегизе гьабиялда хIинкъун нуж пашманлъараб мехалъ, **нужер рекIелъан билулеб ва тIагIулеб буго Аллагьасде ширк гьабулеб букIараб жо:** гIадамал ругониги хъанчал ругониги. **Нужеца ахIиги балеб гьечIо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. Цинги нуж гьеб къварилъиялдаса хвасар гьарун ракъдаде щвараб мехалъ, гьанжеги нужеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабулеб буго ва гьесие бацIц1адаб гIибадат гьабиялдаса руссунел руго.**

**Инсанасул вижин ва тIабигIат буго жиндие ругел нигIматал лъаларев,** гьелда данде щукру гьабуларев, **гьезда инкар кколев вукIин.**

أَفَأَمِنتُمْ أَن يَخْسِفَ بِكُمْ جَانِبَ ٱلْبَرِّ أَوْ يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا ثُمَّ لَا تَجِدُوا۟ لَكُمْ وَكِيلًا ﴿٦٨﴾

**68. Нуж божунищ ругел, я гьал мушрикал,** гьеб ралъдалъе гъанкъиялдаса нуж рорчIаниги **Аллагьасда ﷻ кIоларо абун нуж ракьалда жанир инаризе?** Нуж кидаго Аллагьасда ﷻ кодор руго ва гьесда кIола бокьараб мехалъ нужее гIазаб гьабизе ва нуж гьалаг гьаризе. **ЛутIил къавмалда гIадин зодисан ганчIил цIад базабиларо Аллагьас ﷻ абунги божунищ ругел нуж. Гьеб гIазаб тIад бачIараб мехалъ нужее щивго чи вукIине гьечIо нужер амруялъул тадбир гьабулев ва нужер ишазе вакиллъи**

**гьабулев.**

أَمْ أَمِنتُمْ أَن يُعِيدَكُمْ فِيهِ تَارَةً أُخْرَىٰ فَيُرْسِلَ
عَلَيْكُمْ قَاصِفًا مِّنَ الرِّيحِ فَيُغْرِقَكُم بِمَا كَفَرْتُمْ
ثُمَّ لَا تَجِدُوا لَكُمْ عَلَيْنَا بِهِ تَبِيعًا ﴿٦٩﴾

**69. Яги нуж божунищ ругел цоги нухалъ нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб ралъдада тIад рачиларин гамидаги рекIун, цинги нужеда тIаде гучаб гьури беччаларин ва нужги гъанкъизариларин абун, нужеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кквей сабаблъун.**

Гьесул нигIматалдаги инкар кквей сабаблъун: ццебесалалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ахIиги бан гьес гъанкъиялдаса хвасар гьарураблъиялда инкар ккуна нужеца, ралъдалъан къватIире рачIун ракъдада щварабго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширкги гьабун. **Цинги Дица нуж гъанкъизаруни дидаса жаваб тIалаб гьабулев чиги вукIунаро, рецIел босулев, зарал бецIизабулев чиги вукIунаро.**

۞ وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ
وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُم مِّنَ الطَّيِّبَاتِ
وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَىٰ كَثِيرٍ مِّمَّنْ خَلَقْنَا
تَفْضِيلًا ﴿٧٠﴾

**70. Х1акълъунго Дица Адамил лъимал хира гьаруна ва гьел рек1унеб жоялда тIад рекIун хьвадизеги гьаруна ракъдада ругониги, ралъдада ругониги. Дица гьезие гьуинал, лазатал пихъал ва тIагIамалги кьуна.**

ГIемер батIи-батIияб нигIмат кьуна инсанасе, цогидаб рухI чIаголъиялъе кьуралдаса гIемерго лъикIаб ва лазатаб. **Дица бижараб цогидаб махлукъалдаса гьев инсан гIемерго хира гьавуна ва тIокIги гьавуна.** Гьесие гIелму-г1акъло кьуна, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъезе, гьесие гIибадат гьабизе рес бугев гьавуна гьелдалъун ахираталда алжаналда жанив абадияб нигIматазулъ жив вук1уневги гьавуна.

يَوْمَ نَدْعُوا كُلَّ أُنَاسٍ بِإِمَامِهِمْ ۖ فَمَنْ أُوتِيَ
كِتَابَهُ بِيَمِينِهِ فَأُولَٰئِكَ يَقْرَءُونَ
كِتَابَهُمْ وَلَا يُظْلَمُونَ فَتِيلًا ﴿٧١﴾

**71. Дуца рехсе МухIаммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, къиямасеб къоялъ киналго гIадамал махIшаралде ахIизе рукIин жидер гIамал хъварал кагъталги кодоре кьун** ва гьезул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе букIин.

Гьаб ﴿بِإِمَامِهِمْ﴾ абураб раг1иялъе цоги маг1на гьабуна: «Жидеда решт1инабураб т1ехьалдалъун г1адамал ах1улеб къо»-абун. Ай, я Къуръаналъул агьлоян абун ах1улеб къо.

**Жиндир гIамал хъвараб кагъат кваранаб рахъалъан кьурав чи:** гьев вуго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, ахираталъул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарав чи. **Гьеб кваранаб квералъухъ кагътал кьурал**

**гIадамаз жидер кагътал цIалула** жал рохун рукIун ва цо-цазе рохел бицун. **Гьезул лъикIаб г1амал нукъсан гьабун заралги гьабуларо цохIо зарра гIадаб жоги,** (гагадул хъалгIадаб жо)

وَمَن كَانَ فِي هَٰذِهِۦٓ أَعْمَىٰ فَهُوَ فِي ٱلْءَاخِرَةِ أَعْمَىٰ وَأَضَلُّ سَبِيلًا ﴿٧٢﴾

**72. Гьаб дунялалъул рукъов, жив беццавлъун вукIарав чи:** жинда хIакъаб жо бихьич1ев чи, жиндир ракIги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялдаса беццлъарав чи **гьев ахираталдаги беццавлъун вукIуна. Ва гьесда щибго нух бихьуларо.**

Цоги магIна гьабуна: гьаб дунялалъул загьирал гIаламатаздалъун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда тIоритIел гьабун гьесда иман лъоларев чияс, жиндаса рикIкIад бугеб ва жиб бихьулебги гьечIеб ахираталда цIакъго иман лъоларо абун.

وَإِن كَادُوا۟ لَيَفْتِنُونَكَ عَنِ ٱلَّذِىٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ لِتَفْتَرِىَ عَلَيْنَا غَيْرَهُۥ ۖ وَإِذًا لَّٱتَّخَذُوكَ خَلِيلًا ﴿٧٣﴾

**73. Гьел мушриказда кIун букIарабани МухIаммад** صَلَّىٰاللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, дица дуда рештIинабураб амру-нагьюялъул цониги жо дуда тезабизе ва мун гьезие бокьараб жоялда вуссине гьавизе,** Дица малъараб жоги тун дица вахIю гьабичIеб амру гьабизе мун тIамизе, **цинги гьез мун гьудуллъун кквезе вукIана.**

وَلَوْلَآ أَن ثَبَّتْنَٰكَ لَقَدْ كِدتَّ تَرْكَنُ إِلَيْهِمْ شَيْـًٔا قَلِيلًا ﴿٧٤﴾

**74. Дица мун гьезул макруялдаса цIунун хIакъаб жоялда чIезавун гурони, Х1акълъунго мун гьезие бокьараб жо гьабизе гIагарлъун вукIана.**

Гьез иман лъеялда хьул лъун ва гьел дуда нахърилъиялда божун.

إِذًا لَّأَذَقْنَٰكَ ضِعْفَ ٱلْحَيَوٰةِ وَضِعْفَ ٱلْمَمَاتِ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ عَلَيْنَا نَصِيرًا ﴿٧٥﴾

**75. Мун гьел мушриказ бицараб жоялда божун гьезул мурадазда хадув унев вукIаравани ва дуца мунагь хатIаги гьабулеб букIарабани, дуе дунялалдаги ахираталдаги гьабулеб гIазаб цогиязе гьабулеб кIигогIан цIикIун букIинаан, дудасан гIазаб нахъчIвазе кIолев квербакъулев чиги вукIинароан.**

وَإِن كَادُوا۟ لَيَسْتَفِزُّونَكَ مِنَ ٱلْأَرْضِ لِيُخْرِجُوكَ مِنْهَا ۖ وَإِذًا لَّا يَلْبَثُونَ خِلَٰفَكَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٧٦﴾

**76. Гьел мушрикал хIадурун рукIана ва гIагарлъунги рукIана жидеца мун Маккаялдаса къватIив къотIизе. Унгого гьез мун къватIив къотIун вукIарав ани гьел цIакъ дагьаб мехалъ гурони дудаса хадур гьеб ракьалда хутIулароан.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел гьалаг гьаризе рукӀана цогидал умматаца жидер аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ жидеда гьоркьоса къватӀире къотӀараб мехалъ гьел гьалаг гьаруураб гӀадин. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьукъана мушрикал гьезул мурад тӀубазабизе ва жиндир цӀараб заман щвараб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагасе صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ изно кьуна гьижра гьабун Мадинаялда ине.

سُنَّةَ مَن قَدۡ أَرۡسَلۡنَا قَبۡلَكَ مِن رُّسُلِنَاۖ وَلَا تَجِدُ لِسُنَّتِنَا تَحۡوِيلًا ٧٧

**77. Дуда церехун ритӀарал дир аварагзабазул عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ нух буго жидее умматалъул гӀасиял пасикъал г1адамаз зулму гьабураб мехалъ дица гьел умматал гьалаг гьарулеб. Ва дир нухалъул хис-бас букӀунаро.**

Гьаб умматалъеги гьебго нух букӀана, гьез МухӀаммад авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ Маккаялдаса къватӀиве къотӀун вукӀарав ани.

ТӀадегӀанав Аллагьас гьал аятазда жаниб рехсараб жоялъул хӀасил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг мунагь-хатӀаалдаса цӀунарав вукӀиналъ, гьев мушриказул мурадазда хадув унаревлъиги. Цоги гьал аятзул мурад буго МухӀаммад аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ уммат кантӀизари мушриказул квешал къасдазда ва гьезда бичӀизаби мушрикал гьудулзабилъун кквезе бегьулареблъи, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргӀалдаса кьурараб жо гьабизе бегьулареблъиги.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргӀалда гьеч1еб жо гьабизе бегьуларо ва гьеб гьабиялъе х1ужаги бук1унаро. Заманаялда гӀайиб чӀван, гӀадамазда гӀайиб чӀван, рес гьечӀо абун, рорчӀулел гьечӀо абун купру-ширкалъул хӀукмаби хӀалтӀизаризе бегьуларо, гьезул къануналги къабул гьаризе бегьуларо. Щибго гӀамал гьабичӀого чӀарав чиясе гӀузру букӀуларо. ГӀузро букӀине кканани шаргӀалда рекъон хьвадизе къасд гьабизе ккола ва гӀамалги гьабизе ккола. Гьеб гӀамал гьабизе жив нахъчӀвараб мехалъ, жиндир хӀалги гӀечӀеб мехалъ вуго гьев чи жиндие гӀузро бугев.

أَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَ لِدُلُوكِ ٱلشَّمۡسِ إِلَىٰ غَسَقِ ٱلَّيۡلِ وَقُرۡءَانَ ٱلۡفَجۡرِۖ إِنَّ قُرۡءَانَ ٱلۡفَجۡرِ كَانَ مَشۡهُودٗا ٧٨

**78. Дуца как бай МухӀаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**, щибаб гӀужалда: зоб бакьулъан бакъ тӀерхьулеб рахъалде гьетӀараб мехалъ къалъул как бай. Къаси сордо бецӀлъидалги бай как** марк1ач1улги боголги. **Рогьалил какги бай. Х1акълъунго гьеб рогьалил как буго жиндие малаикзабаца нугӀлъи гьабулеб как.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хӀадисалда буго:

*«Нужеда тӀаде цоязда хадур цоги малаикзаби рачӀуна, къаси рукӀунел малаикзабиги, къад рукӀунел малаиказабиги данделъула рогьалил какил гӀужалда ва бакъанил какил гӀужалдаги»*-абун. (х1адис къокъ гьабуна)

Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: къалъулги бакъанилги как буго зоб бакьулъан бакъ аралдасан бакъ тIерхьине гIагаризегIан заманалда гьоркьоб балеб. МаркIачIолги боголги как буго бакъ тIерхьун хадуб сордо бецIлъизегIан балеб. Рогьалил какги буго рогьел баккараб мехалъ балеб абун.

وَمِنَ ٱلَّيۡلِ فَتَهَجَّدۡ بِهِۦ نَافِلَةٗ لَّكَ عَسَىٰٓ أَن يَبۡعَثَكَ رَبُّكَ مَقَامٗا مَّحۡمُودٗا ٧٩

**79. Сардилъ тIаде вахъун, макьуги тун, какал рай МухIаммад ﷺ дуца! Гьеб буго дуе бугеб хиралъи ва тIокIлъи. Гьединго дуда тIад бугеб, умматалда тIад гьечIеб как буго гьеб сардилъ тIаде вахъун балеб как. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун ахираталда вахъине гьавизе вуго бищунго беццараб ва хирияб макъамалда.**

Гьаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас умматалъе шапагIат гьабулеб «макъамун махIмуд» абулеб бакI.

وَقُل رَّبِّ أَدۡخِلۡنِي مُدۡخَلَ صِدۡقٖ وَأَخۡرِجۡنِي مُخۡرَجَ صِدۡقٖ وَٱجۡعَل لِّي مِن لَّدُنكَ سُلۡطَٰنٗا نَّصِيرٗا ٨٠

**80. Дуца дур дугIаялъулъ абе МухIаммад ﷺ: «Я дир БетIергьан! Дуца дун дир хабалъе лъугьинаве берцинаб хIалалъ ва ахираталда тIадги вахъинаве берцинаб хIалалъ.**

Гьаб тафсир буго жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасил тафсир. ХIасанул Басрияс ва ЗахIакица абуна: дун Мадина шагьаралда берцинго лъугьинаве ва Макка шагьаралдаса берцинго къватIив вахъизаве-абун. **Ва дурго рахъалъан дие квербакъи ва къуват гьабе диналъул тушбабаздаса дун бергьине ва дур дин гьелдалъун тIадегIанги гьабизе»-абун.**

وَقُلۡ جَآءَ ٱلۡحَقُّ وَزَهَقَ ٱلۡبَٰطِلُۚ إِنَّ ٱلۡبَٰطِلَ كَانَ زَهُوقٗا ٨١

**81. Цоги дуца абе МухIаммад ﷺ: «Аллагьасул хIакъаб дин- исламияб дин бачIун буго, гьелдалъун кинабго батIулаб дин ва ширк гьаби нахъе ун буго.**

Исламалъул нур гвангъун баккараб мехалъ хъанчалги, алагьзабиги, гьезие лагълъи гьабиги нахъе къала, гьеб бахчула. **ХIакълъунго батIулаб жо жиб тIаса унеб буго»-абун.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъул асар загIиплъараб мехалъ ва гьеб дин цIунулел бахIарзалги дагьлъараб мехалъ дардида (накку) рекIараб цIа гIадин батIулаб жо загьирлъун бачIунеб гIадат бугониги, гьеб буго жиб т1аса инчIого рес гьечIеб жо: гьеб тIаса унеб буго абун ТIадегIанав Аллагь кIалъалев вугелъул.

Цо хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Макка бахъараб соналъ* (гьижраялъул тарихалъул микьабилеб сон) *КагIба рукъалда аскIов щведалго, гьелда сверун лъабнусиялда лъабкъого хъанч букIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас; «ХIакъаб жо бачIана, батIулаб жо тIаса ана, батIулаб жо тIаса унебги букIуна»-абулаго жинда кодоб букIараб гIанса щибаб хъанчалда тункулеб букIана ва гьелги кIалагъоркье речIунел рукIана. Цинги гьел киналго рекун, гъурун хвезарунин*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

**82. Дица Къуръаналда жаниб рештIинабула муъминзабазул рекIелъа жагьиллъиялъул ва къосиналъул унти инабулел аятал.**

وَنُنَزِّلُ مِنَ ٱلْقُرْءَانِ مَا هُوَ شِفَآءٌ وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ وَلَا يَزِيدُ ٱلظَّٰلِمِينَ إِلَّا خَسَارًا ﴿٨٢﴾

Гьезул ракIаздаса мунагьазул бецIлъи ине гьабулеб, гьезул напсазул чорокал гIамалал ине гьарулеб: бахиллъи, хIал хъублъи ва хIасад гIадал сипатал ине гьарулеб. **Гьедин бугелъул гьаб Къуръан муъминзабазе рахIматлъунги буго. Амма гьеб Къуръан рештIинабиялдалъун пасикъал ва залимал гIадамазе щибго хайир бук1унаро гьезул къосиги г1азабги ц1ик1инаби гуреб.** Жегиги гьезул къосин г1емерлъула ва гьезие ахираталъул гIазабги цIик1кIула.

**83. Дица инсанасе батIи-батIиял нигIматал кьураб мехалъ гьев дие щукру гьабиялдаса вуссунев вуго.**

وَإِذَآ أَنْعَمْنَا عَلَى ٱلْإِنسَٰنِ أَعْرَضَ وَنَـَٔا بِجَانِبِهِۦ وَإِذَا مَسَّهُ ٱلشَّرُّ كَانَ يَـُٔوسًا ﴿٨٣﴾

Дие тIагIат-гIибадат гьабиги тун, чIухIун, гIамал кIодолъун лъугьунев вуго. **Цинги жинда цо къварилъи хъатIараб мехалъ цIакъ хьул къотIунги лъугьунев вуго.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалда божиги тIагIунеб буго. Гьаб мисал буго жинца иман лъечIев, ахIмакъав инсанасул мисал: жиндие нигIматал кьураб мехалъ гьел нигIматал кьолев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин лъан гьесие щукро гьабуларев. Жинда къварилъи щвараб мехалъ гьеб къварилъи борхулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин лъан гьесда дугIаги гьабуларев.

**84. Дуца абе МухIаммад ﷺ! Щивав чи хьвадулев вуго жиндир нухда.**

قُلْ كُلٌّ يَعْمَلُ عَلَىٰ شَاكِلَتِهِۦ فَرَبُّكُمْ أَعْلَمُ بِمَنْ هُوَ أَهْدَىٰ سَبِيلًا ﴿٨٤﴾

Муъминчиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухда хьвадулев, гьев разилъи тIалаб гьабулев вуго.

Капурчи ва мушрик жидерго къосиналда хьвадулел руго. РекIелъ иман бугев, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тIовитIарав чиясдаса бихьулеб жоги лъикIаб букIуна. Капурчиясдаса бачIунеб рагIиги гIамалги къабихIаб букIуна. **Нужер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъик1 лъалев вуго битIараб**

**нухда вугев чи.** Гьединго жив мекъаб нухда вугев чиги лъала Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ. Щивасе гьесие рекъараб жазаъги гьабизе буго.

وَيَسْـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلرُّوحِ قُلِ ٱلرُّوحُ مِنْ أَمْرِ رَبِّى وَمَآ أُوتِيتُم مِّنَ ٱلْعِلْمِ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٨٥﴾

**85. Дуда мушрикаца гьикъулеб буго МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, рухI щиб жо абун.** Киб гьеб бугеб? Кин гьеб бугеб?-абун. **Дуца абе: «Гьеб рухIалъул амру ва гьелъул хIакъикъатги Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аскIоб буго. Гьес нужее кьураб гIелмуги гьеч1о цIакъ дагьаб жо гурони»-абун.** Жинда аскIоб тараб, нужеда лъалареб гIелму Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIакъго гIемераб буго. Гьеб гIелмуяда гьоркьоб буго гьаб рухIалъул хIакъикъат лъайги.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: къурайшиязул мушрикал Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIажиз гьавизе бокьун гьесдасан батIи-батIияб жо цIехолел ва гьикъардулел рукIана. Гьезул цояз ягьудиязул тIехь цIалулев чиясухъе ун гьесда абуна: щибжо гьикъилеб нижеца гьев МухIаммадида гьев гIажиз гьавизе абун. Ягьудияс абуна: «Нужеца гьесда гьикъе рухI щибжо кколеб»-абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIинабуна (85 абилеб аят)

وَلَئِن شِئْنَا لَنَذْهَبَنَّ بِٱلَّذِىٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ بِهِۦ عَلَيْنَا وَكِيلًا ﴿٨٦﴾

**86. Дие бокьани, Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **дуда рештIинабураб Къуръан дур рекIелъан инабилаан, цинги гьеб дур рекIелъе буссине гьабулев ва дуда гьеб лъазабулев чи вукIунаро.**

إِلَّا رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّ فَضْلَهُۥ كَانَ عَلَيْكَ كَبِيرًا ﴿٨٧﴾

**87. Дур БетIергьан Аллагьасул рахIмат букIун гурони хутIичIо дур рекIелъ ва дур асхIабзабазул рекIелъ гьеб Къуръан. ХIакълъунго дур бетIергьанасул дуда цIакъ кIудияб цIоб ва рахIмат буго.**

ТIадегIанав Аллагьас мун аварагзабазул бищун хирияв гьавуна, къиямасеб къо щвезегIан жиндалъун х1укму гьабулеб Къуръанги дуда рештIинабуна. Ахираталда (макъамул махIмудги) дуе кьуна, жинда киналго аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ хьул лъолеб, киналго умматазе шапагIат гьабизе дуе изно кьолеб. Гьав ХIабиб МухIаммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ умматалдаса нилъ ратиялда даимаб щукру гьабизе нилъедаги тIадаб буго.

قُل لَّئِنِ ٱجْتَمَعَتِ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِمِثْلِ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِۦ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا ﴿٨٨﴾

**88. Дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: киналго гIадамалги женалги данделъаниги гьаб Къуръаналда релълъараб жо гьабизеян абун, гьезда кIоларо гьеб гьабизе, жидеца цояз-**

**цоязе кумек гьабуниги.** Гьаб Къуръан буго щивго чиясул жинда релълъараб гьабизе хIал кIолареб мугIжизат.

**89. Х1акълъунго Дица Къуръаналда жанир гIадамазе баян гьарун руго киналго хIужаби.**

وَلَقَدْ صَرَّفْنَا لِلنَّاسِ فِي هَٰذَا الْقُرْآنِ مِن كُلِّ مَثَلٍ فَأَبَىٰ أَكْثَرُ النَّاسِ إِلَّا كُفُورًا ﴿٨٩﴾

Дун гьаб кинабго махлухъалъул цохIогояв БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда тIоритIел гьабулел. **Гьел гIадамазе х1акъаб динги баян гьабуна дица мисалал рачун ва г1аламатал рицун. Гьадин бугониги г1адамазул г1емерисел гьаб Къуръаналда инкар ккурал руго,** гьеб жидехъе щвезабурав МухIаммад авараг صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьереси гьавулел руго, гьаб Къуръан жинца рештIинабурав Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ божулел гьечIо.

Гьаб (89) аят ва гьалда хадуб бугеб ункъо аят рештIинабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: *къурайшиязул церехъаби данделъана КагIба рукъалда аскIор ва гьез цояз-цоязда абуна: «Нилъеца МухIаммадида хадув чи витIун гьев гьаниве ахIизе вуго ва гьесда хабарги бицине буго, гьесдаса нилъер мурадги тIалаб гьабизе буго. Гьес нилъер мурадазе жаваб кьечIони цинги гьесул гIузро букIине гьечIо нилъеда гIайиб чIвазе, гьесие щиб жо гьабуниги»-абун. Цинги жидеца гьесда хадув чи витIана: «Къурайшиязул хириял гIадамал данделъун ругин дуда кIалъазе бокьун, мун гьезухъе КагIба рукъалда аскIове вачIа»-абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хехго вахъун гьезда аскIове ана. Гьесул хьул лъун букIана къурайшиязул церехъабаца иман лъезе, гьедин Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *гьел кантIизе гьарун ратилин ракIалда ккун вачIана жив хеккого гьезда тIаде. Къурйшияз абуна: «Я МухIаммад! Валлагьи, нижеда цониги чи лъаларо гIарабиязда гьоркьов гьаб дуца гIадаб квешаб жо жинца жиндир къавмалда тIаде бачарав. Дуца нижер умумузда рогьоб бана, нижер диналдаги гIайиб чIвана, нижеца бицунеб хабарги ахIмакъаблъун гьабуна, нижер жамагIатги бикьизабуна, нижер алагьзабаздаги рогьоб бана. Дуца цониги къабихIаб жо гъокье течIо гьеб жо нижее гьабун гурони.*

*Гьаб кинабго жо дуца гьабун батани, дуе бечелъи къваригIун, нижеца дуе боцIи-мал кьела мун бищунго бечедав лъугьинегIан. Дуе гьелдалъун хиралъи бокьун батани нижеца мун нижер бищун кIудиявлъун гьавила ва ханлъунги гьавила. Гьеб дуда бугеб жо жундузул рахъалъан бугеб унти батани, нижеца мун сах гьавизе местер (тохтур) валагьила ва гьесие кигIан къваригIаниги мухьги кьела мун сах гьавизе»-абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьеб нужеца абулеб унти гьечIо дида. Дун нужер боцIи тIалаб гьабунги вачIарав гьечIо. Дие нужедаса хиралъи тIокIлъиги ва ханлъиги къваригIун гьечIо. Дун вуго Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *нужехъе расуллъун витIун. Нужеца дидаса къабул гьабуни дун жиндалъун вачIараб дин, гьеб буго нужее дунялалдаги ахираталдаги бугеб лъикIлъи. Нужеца гьеб дин къабул гьабичIого нахъчIвани, дица сабро гьабила Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дидаги нужедаги гьоркьоб цо хIукму гьабизегIан»-абун.*

*Хадуб къурайшияз абуна: «Дуца къабул гьабулеб батичIони, нижеца дуе кьолеб магIишатги, кIодолъиги, ханлъиги, дуда лъалаха нилъер ракь цIакъ къваридаб, хур-хер бижулареб букIин ва нилъер гIадамалги магIишат гьабизе захIматаб хIалалда рукIин. Дуца дур БетIергьанасда гьареха гьал мугIрул нахъе инаре абун, гьениса лъаралги чвахизе гьаре абун ва Шамалъул ракь гIадин нилъер ракьги бечедаб, ах-хур гIемераб гьабе абун. Дуца нижер хварал умумузул цоялгIаги тIад рахъинаре, нижеца гьезда гьикъизе гьаб дуца бицунеб жо хIакъаб бугищ абун. Гьез мун ритIухъ гьавуни, нилж дуда нахърилълъина. Яги Аллагьасда гьаре мун ритIухъ гьавизе малаик рештIинаве абун. Гьебги дуца гьабулеб гьечIони, дуего хазина кье абун гIаги гьаре дур Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ*, дуе кIалгIабиги рай абе, гIарац меседги кье абе, мун къватIахъ хьвадун, магIишат тIалаб гьабулевлъун течIого»-ян.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дица Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *гьеб жо гьаруларо. Дун гьеб ишалъе витIаравги гьечIо. Дун витIун вуго нуж диналда ахIизе ва нужее алжаналдалъун рохелги бицине жужахIалдалъун хIинкъиги кьезе. Нужеца гьеб дин къабул гьабуни, нужеего лъикI буго. Нужеца гьеб къабул гьабичIони дица сабро гьабила Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *цо хIукму рештIун нужедаги дидаги гьоркьоб хIукму гьабизегIан»-абун.*

*Цинги къурайшияца абуна: «Гьедин бугони, дуца нижеда тIаде зобалъул кескал ротизареха, дур Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьеб гьабулин абулеб бугелъул дуца. Нижеца дуда иман лъоларо дуца гьеб жо гьабичIони»-ян абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «гьеб амру буго Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *ихтияралда бугеб, гьесие бокьани нужее гьебги гьабила Аллагьас»*-абун. ХIадис ибну Жаририца бицана.

Гьал къурайшиязул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**90. Гьез абуна: «Нижеца дуда иман лъеларо МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дуца нижее ракьулъан иццал чвахизарун гурони.**

وَقَالُوا۟ لَن نُّؤْمِنَ لَكَ حَتَّىٰ تَفْجُرَ لَنَا مِنَ ٱلْأَرْضِ يَنۢبُوعًا ﴿٩٠﴾

Маккаялъул лъим дагьаб ракьалда, нахъаса

къотIичIого чвахулеб лъим баккизабе: нижее ах-хур бижизе, пихъалги рижизе ва нижер ракь Шамалъул ракь гIадаб лъугьине абун.

أَوْ تَكُونَ لَكَ جَنَّةٌ مِّن نَّخِيلٍ وَعِنَبٍ فَتُفَجِّرَ الْأَنْهَارَ خِلَالَهَا تَفْجِيرًا ﴿٩١﴾

**91. Я дуе ах бижинабе цIибилалъул, чамастакалъул ва гьел ахазда жанисаги лъимал-лъарал чвахизаре.**

أَوْ تُسْقِطَ السَّمَاءَ كَمَا زَعَمْتَ عَلَيْنَا كِسَفًا أَوْ تَأْتِيَ بِاللَّهِ وَالْمَلَائِكَةِ قَبِيلًا ﴿٩٢﴾

**92. Яги дуца къотIелал лъугьун гьаб зоб нижеда тIаде бортизабе, дуца нижее хIинкъи кьолеб букIараб хIалалъ.** «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда тIаде зоб бортизе гьабила абун нужеца гIасилъи ва зулму течIони»-абун. **Яги дуца нижеда цеве, нижеда вихьулеб бакIалда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ваче ва гьесул малаикзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ раче.**

أَوْ يَكُونَ لَكَ بَيْتٌ مِّن زُخْرُفٍ أَوْ تَرْقَىٰ فِي السَّمَاءِ وَلَن نُّؤْمِنَ لِرُقِيِّكَ حَتَّىٰ تُنَزِّلَ عَلَيْنَا كِتَابًا نَّقْرَؤُهُ ۗ قُلْ سُبْحَانَ رَبِّي هَلْ كُنتُ إِلَّا بَشَرًا رَّسُولًا ﴿٩٣﴾

**93. Яги дуца кIудияб хъала букIинабе,** нижер гIадаб гамчIилги ракьулги гуреб, **гIарац меседалъ жиб бараб. Яги мун нижееги вихьун зодове ваха. Гьедин зодов мун ваханиги ниж дуда божизе гьечIо ва дуда нахърилълъине гьечIо, дуца гьенисан босун тIехь бачIинегIан нижеца жиб цIалулеб ва гьеб тIехьалда тIад нугIлъиги бугеб мун нижеда витIарав расул вукIиналъе»-абун.**

Гьаб анлъго мугIжизат тIалаб гьабуна къурайшияца Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг жидеца къабул гьавизе ва жал гьесда мутIигIлъизе сабаблъун букIине. Гьал тIалабаздалъун нилъеда бичIулеб буго гьел къурайшиял цIакъ гIамал кIодолъун, чIухIун кIалъалел рукIин ва гьезул иман лъезе къасд гьечIеблъи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьелде щвезегIан жидее цIалараб Къуръаналда жаниб гIемерал далилал ва хIужаби рукIана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда тIоритIел гьабулел, гьесул хIал кIолъиялъул бицунел. Гьев МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жинца гьереси бицунев чи гьечIеблъиги гьезда лъалеб букIана. Гьаб киналъго нугIлъи гьабулеб буго къурайшиязул мушрикал иман лъезе бокьарал гьечIеблъиялъе.

Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Дуца гьезда абе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: Дир Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вацIадав вуго ва ТIадегIанав вуго.** Нужеца гьел мугIжизатал рачун вачIаян дидаса тIалаб гьабизе ккани, **дун нужедаго релълъарав инсан ва нужеда витIарав Аллагьасул расул гурони гьечIо»-абун.** МугIжизатал рештIинариги аварагзаби ритIиги, жинда гIасилъаразе гIазаб гьабиги ТIадегIанав Аллагьасул гIамал буго. Дун вуго нужее жужахIалъул гIазабалдалъун

хIинкъи кьезе ва алжаналдалъун рохел бицине витIарав расул абун.

وَمَا مَنَعَ ٱلنَّاسَ أَن يُؤْمِنُوٓا۟ إِذْ جَآءَهُمُ ٱلْهُدَىٰٓ
إِلَّآ أَن قَالُوٓا۟ أَبَعَثَ ٱللَّهُ بَشَرًا رَّسُولًا ﴿٩٤﴾

**94. Жидехъе Аллагьасул ﷻ рахъалъан хIакъал хIужаби рачIараб мехалъ ва мугIжизаталги рачIараб мехалъ гьезда иман лъеялдаса гIадамал нахъчIвалел гьечIо, жидедаго гьоркьоса гьезда Аллагьас ﷻ витIарав расуласда мут1иг1лъизе чIухIи гьабиялъ гурони ва гьез абулеб буго: «Аллагьас ﷻ гьав гIадамищ витIулев расуллъун»-абун.**

Малаик щай витIуларев нижеда дин малъизе ва ниж иманалда ахIизе абун.

قُل لَّوْ كَانَ فِى ٱلْأَرْضِ مَلَٰٓئِكَةٌ يَمْشُونَ
مُطْمَئِنِّينَ لَنَزَّلْنَا عَلَيْهِم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ مَلَكًا
رَّسُولًا ﴿٩٥﴾

**95. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: гьаб ракьалда тIад гIадамалго гIадин х1алхьон ва маг1ишат гьабун хьвадулел малаикзаби рук1аралаани, дица гьезда расуллъун зодисан малаик вит1изе вук1ана»-абун.**

Гьаб ракьалда т1ад г1адамал ругелъул, Аллагьасул ﷻ г1адаталда рекъон гьезда г1адамал рит1ула расулаллъун. Гьезда дин малъизе ва гьезда к1алъазе гьезда гьоркьоса чи вит1ула, жидеда гьев лъалев, гьесда жалги лъалев. Гьаб аяталъги бихьизабулеб буго къурайшазул мушриказ ах1макъаб жо бицунеб бук1ин ва гьез т1алаб гьабулеб жоги Аллагьасул ﷻ г1адатаздаса гьеч1еб бук1ин.

قُلْ كَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًۢا بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ ۚ إِنَّهُۥ
كَانَ بِعِبَادِهِۦ خَبِيرًۢا بَصِيرًا ﴿٩٦﴾

**96. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Аллагь ﷻ гIезе вуго нугIлъун нужедаги дидаги гьоркьов. Х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вуго жинда лагъзадерил киналго гIамалал лъалев ва гьезул рекIелъ бугеб жо бихьулев.**

Гьезие мустахIикъаб жо жинда лъалев ва гьезухъе авараглъун щив вит1улеблъиги жинда лъалев вуго Т1адег1анав Аллагь.

وَمَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلْمُهْتَدِ ۖ وَمَن يُضْلِلْ فَلَن
تَجِدَ لَهُمْ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِهِۦ ۖ وَنَحْشُرُهُمْ يَوْمَ
ٱلْقِيَٰمَةِ عَلَىٰ وُجُوهِهِمْ عُمْيًا وَبُكْمًا وَصُمًّا ۖ
مَّأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۖ كُلَّمَا خَبَتْ زِدْنَٰهُمْ
سَعِيرًا ﴿٩٧﴾

**97. Аллагьас ﷻ тIовитIарав вуго жив хIакъаб нухалда вугев чи. Аллагьас ﷻ тIовитIичIев ва жиндирго къосиялда ва купру-ширкалда тарав чиясе вали вукIунаро, квербакъулев чиги вукIунаро Аллагь ﷻ тун цогидав.**

Аллагьас ﷻ гьезие кьечIеб жо кьезе кIолев ва Аллагьас ﷻ гьезие гьабураб хIукму хисизабизе кIолев.

**Дица гьел къосарал гӀадамал къиямасеб къоялъ тӀад рахъинарула жидер гъумералда хъурщулеллъун, жидеда щибго жо бихьулареллъунги, щибго жо рагӀулареллъунги, ва жидеда мацӀ лъалареллъунги. Гьезул руссунеб бакӀги жагьанама буго. Гьеб жужахӀалъул багӀари дагьлъаншинахъе дица гьеб цӀидаса багӀаризабула.**

Цо гӀалимас абуна: жидер гьан цӀаялъ кванан, цӀа дагьлъараб мехалъ дица гьезул чурхдул цӀидаса гьанал цӀезарула ва цинги гьеб гьаналда рекӀун цӀаги цӀидаса цӀик1кӀула ва багӀарула абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда асхӀабзабаца ﷺ абуна: *«Я расулаллагь! Къиямасеб къоялъ гӀадамал жидер гьурмазда кин хьвадулел (хъуршулел) абун. Аварагас ﷺ абуна: жидер хӀатӀазда тӀад гӀадамал хьвадизаризе кӀолев Аллагьасда гьел гӀадамал жидер гьурмаздаги хьвадизаризе кӀола»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ذَٰلِكَ جَزَآؤُهُم بِأَنَّهُمْ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَقَالُوٓا۟ أَءِذَا كُنَّا عِظَٰمًا وَرُفَٰتًا أَءِنَّا لَمَبْعُوثُونَ خَلْقًا جَدِيدًا ﴿٩٨﴾

**98. Гьаб жазаъ буго къосараб къавмалъе гьабулеб: гьез Аллагьасда ﷻ инкар ккун, гьесул мугӀжизатал гьереси гьарун, ахираталда тӀад рахъинариялда иман лъечӀого, ва гьез абун букӀиналъе гӀоло: ниж хун, нижер гьан ракьлъун лъугьун, рукьбиги турун хадуги ниж чӀагойищ гьаризе ругел ва цӀидаса тӀад рахъинарулищ?-абун.**

Гьезул рагӀи нахъе чӀван ТӀадегӀанав Аллагьас абулеб буго:

۞ أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّ ٱللَّهَ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ قَادِرٌ عَلَىٰٓ أَن يَخْلُقَ مِثْلَهُمْ وَجَعَلَ لَهُمْ أَجَلًا لَّا رَيْبَ فِيهِ فَأَبَى ٱلظَّٰلِمُونَ إِلَّا كُفُورًا ﴿٩٩﴾

**99. Гьезда бихьуларищ ва лъаларищ х1акълъунго щибго жо гьечӀеб бакӀалдаса гӀадамал рижарав Аллагьасе ﷻ гьел хун хадуб тӀад рахъинаризе кӀолеблъи. Гьев Аллагь ﷻ жинца зобал ракьал рижарав вукӀин ва гьев инсан цӀидаса вижин цӀакъго бигьаяб жо букӀин. Аллагьас ﷻ гьел мушриказе бихьизабураб ва къадар гьабураб заман буго гьел чӀаго рукӀиналъеги, хун хабалъ рукӀиналъеги, цинги тӀад рахъинариялъеги. Гьадин бугониги ва хӀакъаб жо жидее баянлъун бугониги гьел къосарал зулмучагӀи Аллагьасда ﷻ инкар ккун чӀун руго ва гьез цоги нух къабул гьабулеб гьечӀо.**

قُل لَّوْ أَنتُمْ تَمْلِكُونَ خَزَآئِنَ رَحْمَةِ رَبِّىٓ إِذًا لَّأَمْسَكْتُمْ خَشْيَةَ ٱلْإِنفَاقِ ۚ وَكَانَ ٱلْإِنسَٰنُ قَتُورًا ﴿١٠٠﴾

**100. Дуца гьел мушриказда абе МухӀаммад ﷺ: «Нуж рукӀарал ани гьаб Аллагьасул ﷻ ризкъиялъул хазинаялда тӀад тарал, нужеца гьеб**

**кинабго ризкъи цогидаб халкъалъе кьечIого нужеего ккун ч1чIезабизе букIана, нуж мискинлъилин хIинкъун». ХIакълъунго инсан цIакъ бахилав вуго жиндие бугеб нигIмат ине бокьуларев, цогидазе гьеб щвезе бокьуларев вуго.**

Гьел Маккаялъул мушрикаца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса гIемерал мугIжизатал тIалаб гьарулел рукIиндалго, мугIжизатал гIемералъиялъ иман лъеялъе щибго сабаб гьабулареблъи бихьизабун, ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисаялдаса дагьаб жо рехсолеб буго: Гьев Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ кьун рукIиндал гIемерал мугIжизатал. Гьедин бугониги пиргIавницаги гьесул агьлоялъги Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьереси гьавуна ва гьесда нахърилъич1о:

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَىٰ تِسْعَ ءَايَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ فَسْـَٔلْ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ إِذْ جَآءَهُمْ فَقَالَ لَهُۥ فِرْعَوْنُ إِنِّى لَأَظُنُّكَ يَٰمُوسَىٰ مَسْحُورًا ﴿١٠١﴾

**101. Дица Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ кьуна ичIго баянаб мугIжизат.**

Гьев авараг вукIинадла жидеца тIоритIел гьабулел ва гьес жинда ахIулеб динги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб дин букIин бицунел. Гьел мугIжизаталги: гIанса буго, кверги буго, тIупан тIун (гIемераб) цIад бай буго, гарцI буго, нацIги буго, къверкъалги руго, биги буго, ралъад бикьи буго, цIад къотIарал ракъи бугел саналги руго.

Мунтахаб абураб тафсиралда гьаб ич1го муг1жизат бицунаго дагьаб хиса-басин гьабун буго ва гьал рехсаразда т1аде жубан буго: гамч1идаса лъималъул иццал ракки, Т1ур мег1ер ракьалда т1ад борхизабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бануисраилазул цо къокъаялда т1аде гьет1изаби, Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ калам гьаби.

Гьалдаги т1аде жубазе бегьула «Тигь» абулеб ракьалда свердулел ругеб мехалъ бануисраилазе зодисан «манна ва салва» – абулеб квен решт1инаби, гьезие раг1ад гьабун гьезда т1аде нак1к1 ч1ейги. Хизригун данде ч1вазе абун сапаралда вук1адго бежараб ччуг1а таргьинисан кьват1иб бачIун ралъдалъе ин. Гьеб араб бак1алда карат1 (кьват1ел) хут1иги.

**Дуца бануисраилазда гьикъе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьал аятазул хIакъалъул.** Дуда гьел аятал лъалеблъи гьезда лъазе ва дуца бицунеб жо битIараб букIиналда гьезул ракI чIезе. Гьезда мун х1акъав авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вук1ин лъала, амма кIалалъ жидеца дуда инкар кквей буго жидер хIалхъублъиялъ бугеб.

**Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ пиргIавнил къавмалъухъ вачIараб мехалъ ккараб жоги гьикъе бануисраилазда. ПиргIавница Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я Муса дида мун жундуца ккурав, дуе сихIро гьабурав чи**

**вугин кколеб буго»-абун.**

قَالَ لَقَدۡ عَلِمۡتَ مَآ أَنزَلَ هَٰٓؤُلَآءِ إِلَّا رَبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ بَصَآئِرَ وَإِنِّي لَأَظُنُّكَ يَٰفِرۡعَوۡنُ مَثۡبُورٗا ١٠٢

**102. Муса аварагас** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Дуда лъала пиргIавн, гьал аятал ва мугIжизатал дида рештIинарурав цохIо Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вукIин. Зобал- ракьазул бетIергьанлъун жив вугев. Дун ритIухъав авараг вукIиналъе жидеца нугIлъи гьабулел, дудаги кинабго халкъалдаги Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIалкIолъи ва къудрат** баян гьабулел г1аламатал руго гьел. **Х1акълъунго Дида мунги ракIалда кколев вуго, пиргIавн, мун гьалаглъулев ва чIового хутIулев чи вуго»-абун.**

فَأَرَادَ أَن يَسۡتَفِزَّهُم مِّنَ ٱلۡأَرۡضِ فَأَغۡرَقۡنَٰهُ وَمَن مَّعَهُۥ جَمِيعٗا ١٠٣

**103. ПиргIавние бокьун букIана жинца Муса аварагги** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **бануисраилалги Мисриялъул ракьалдаса къватIире гъезе. Дица гьев пиргIавнги гьесда цадахъ рукIарал киналго къибтIиялги ралъдалъ гъанкъизе гьаруна.**

وَقُلۡنَا مِنۢ بَعۡدِهِۦ لِبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱسۡكُنُواْ ٱلۡأَرۡضَ فَإِذَا جَآءَ وَعۡدُ ٱلۡأٓخِرَةِ جِئۡنَا بِكُمۡ لَفِيفٗا ١٠٤

**104. ПиргIавнги гьесул къавмги гъанкъизарун хадуб дица бануисраилазда абуна: «нуж гьаб мисриялъул ракьалда магIишат гьабун чIа. Къиямасеб къо бачIун нуж хабалъан тIаде рахъине гьарун махIшаралда ракIарулеб мехалъ дица нуж киналго цадахъ журан ракIаризе руго гьанир.**

Муъминавги капуравги, лъикIавги квешавги, жиндие лагълъи гьабурав ва жинца лагълъи гьабурал мушрикалги. Цинги нужеда гьоркьоб хIисаб-мизан гьабун, сиратIалда рахинарун цоял жужахIалда ритIизе руго, цогидал алжаналда ритIизе руго. Щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

وَبِٱلۡحَقِّ أَنزَلۡنَٰهُ وَبِٱلۡحَقِّ نَزَلَۗ وَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ إِلَّا مُبَشِّرٗا وَنَذِيرٗا ١٠٥

**105. Дица гьаб Къуръан рештIинабуна жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб х1акъаб жоялдалъун. Гьедин решт1инабураб, жиндилъ хис-бас ккеялдаса ц1унараб хIакъаб Къуръан буго гьаб.**

Жинца гIадамал битIараб исламияб диналда тIоритIулеб, гьезие жинда жаниб вагIза-насихIат бугеб, шаргIиял ахIкамалги ругеб, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин бицунел далилалги ругеб. **Дица мунги витIун гьечIо МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, дуца дур умматалъул муъминзабазе алжаналдалъун рохел бицулевлъун ва дур умматалъул капурзабазе**

**жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъунги гурони.**

**106. Дица жиб аятазда ва суратазда бикьун риштIинабураб хирияб Къуръан буго гьаб.** وَقُرْءَانًا فَرَقْنَٰهُ لِتَقْرَأَهُۥ عَلَى ٱلنَّاسِ عَلَىٰ مُكْثٍ وَنَزَّلْنَٰهُ تَنزِيلًا ﴿١٠٦﴾

Жиб цIализе бигьалъизе ва рекIехъе лъазабизеги бигьаяб букIине. **Дуца гьеб гIадамазе цIализе дагь-дагь ккун, жидеда гьелъул магIна ва мурад бичIчIизе ва гьелъул пикру гьабизе. Дица гьеб Къуръан рештIинабуна щибаб амру ва хIажат бихьун, умматалъул хIал ва маслахIат, бихьун,** кього соналдаса цIик1кIараб заманалъ рештIинабуна Къуръан.

**107. Дуца абе МухIаммад ﷺ ! Нуж гьеб Къуръаналда божун, гьелда гIамал гьабун хьваданиги, гьелда божичIого ва гIамал гьабичIого чIаниги -** гьеб Къуръаналъе щибго нукъсанлъи гьечIо, яги гьелъулъ щибго жо хисуларо. Гьеб гIамалалъул жазаъ нужее букIине буго. قُلْ ءَامِنُوا۟ بِهِۦٓ أَوْ لَا تُؤْمِنُوٓا۟ ۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ مِن قَبْلِهِۦٓ إِذَا يُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ يَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ سُجَّدًا ﴿١٠٧﴾

Гьеб Къуръаналда Маккаялъул мушриказги китабияб агьлоялъул гIасиял, хIал хъубал гIадамазги иман лъечIониги: **Х1акълъунго гьелда иман лъола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб жо жидеда бичIизабурал Инжил Таврат цIалулел гIадамаз ва гьез жидеда Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабун жидер гьумер ракьалда цузабула.**

**108. Гьел гIадамаза жидер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ТIадегIан гьавун ва гьев вац1цIад гьавун субхIаналлагьи абула, гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму ва къотIи хIакъаб букIиналда,** гьеб жиб хисулареб, жиндие хилиплъи гьечIеб букIиналъе **нугIлъиги гьабула.** وَيَقُولُونَ سُبْحَٰنَ رَبِّنَآ إِن كَانَ وَعْدُ رَبِّنَا لَمَفْعُولًا ﴿١٠٨﴾

Гьеб хIукму къадаралдаса буго МухIаммад аварагصَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ витIиги, гьесда Къуръан рештIинабиги.

**109. Жидер гьумералда гIодор речIун, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелун ва гIодун жидеца Аллагьасе щукру гьабула, гьесда дугIаги гьабула ва гьеб Къуръан цIалулеб рагIун щинахъе гьезул иманги ва хIинкъиги цIик1кIуна.** وَيَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ يَبْكُونَ وَيَزِيدُهُمْ خُشُوعًا ۩ ﴿١٠٩﴾

Гьал (107-108-109) аятал ц1алидал сужда гьабизе суннатаб буго.

**110. Дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ:** قُلِ ٱدْعُوا۟ ٱللَّهَ أَوِ ٱدْعُوا۟ ٱلرَّحْمَٰنَ ۖ أَيًّا مَّا تَدْعُوا۟

فَلَهُ ٱلۡأَسۡمَآءُ ٱلۡحُسۡنَىٰۚ وَلَا تَجۡهَرۡ بِصَلَاتِكَ وَلَا تُخَافِتۡ بِهَا وَٱبۡتَغِ بَيۡنَ ذَٰلِكَ سَبِيلٗا ﴿١١٠﴾

**нужеца нужер БетIергьан Аллагьасда ﷻ ахIулеб мехалъ: я Аллагь абун ахIе, яги я РахIман абун ахIе. Кинаб цIаралдалъун нужеца ахIаниги гьеб Аллагьасул ﷻ цIар буго ва киналго гьесул цIаралги жидер магIна берцинал, жал хириял руго,** Аллагьасул ﷻ тIадегIанал сипатал жидеца баян гьарулел руго.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицун гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас как балеб мехалъ жиндир суждаялъулъ абулеб букIана: я Аллагь, я РахIман, я РахIим абун. Гьаб рагIарав цо мушрикас абуна: «Гьав МухIммадица нилъ ахIулел руго цо Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабиялда, амма жинцаго кIиго аллагьасе лагълъи гьабулеб буго»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул ﷻ нусго гIезе цо камурал цIарал руго, гьел цIарал лъазарурав чи алжаналда лъугьуна»*- абун. ХIадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьал цIарал лъазе гьариялъул магIна гьечIо гьел рикIкIине лъай. Гьелъул магIна буго гьел цIаразда иман лъей, гьезул магIна ва мурад бичIун гьезда рекъон гIамал гьаби. Гьев Аллагь ﷻ гIемер рехсей жиндир цIаразул магIна хал гьабулаго. Гьев Аллагьасул ﷻ цIарал жидер гIемерлъиялъе гIорхъи гьечIел руго, ва гьаб ункъоялда анцIила ичIго цIар буго ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жанир рехсон ругел цIараздаса данде гьарурал, гьел цIарал рикIкIун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас хIадисги бицарал. (Тирмизиясул хIадис)

Тафсиралъул цо-цо гIалимзабаз гьаб бакIалда Аллагьасул ﷻ цIарал рехсон, гьезие шархI (баян) гьабун буго. Гьедин бугелъул, иншаАллагьу, дица гьел цIарал рехсела, къокъго гьезул магIнаги бицунаго.

Гьаб кинабго мухлукъ жинца бижарав, жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан цохIо Аллагь ﷻ гурони гьечIо.

1) الله: абураб цIар буго жинца ТIадегIанав Аллагьасул заталда (черхалда) тIоритIел гьабулеб, гьесул ТIадегIанлъиялда, гьев вукIин хIакъаб букIиналда тIоритIел гьабулеб цIар. Гьаб цIар лъураб заталъул сипатал гIадин руго хадусел киналго цIарал. Гьаб цохIо Аллагьасда ﷻ гурони лъечIеб ва лъолареб цIарги буго.

2) الرَّحْمٰن: дунялалъул рукъов жиндие мутIигIасеги жиндие гIасилъарасеги лъикIлъи ва гурхIел гьабулев, гьезие нигIматал кьолев. Цоги магIна гьабуна: жинца дунял-ахираталъул кIудиял нигIматал кьолев: иман ислам- гIадаб, гIакъло-лъай гIадаб, алжан гIадаб. Гьаб

цIарги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хасаб цIар буго, цоги щивго чиясда жиб абулареб.

3) الرَّحِيمُ: ахираталда жиндие мутIигIал гIадамазе лъикIлъи гьабулев ва гьезда цIик1кIун гурхIулев.

Цоги гIалимас абуна: А-ррахIиму абураб цIаралъул магIна гъваридаб буго А-ррахIману абураб цIаралдасанги абун. Гьеб А-ррахIим абураб ц1аралъул магIна бугелъул, дунялалдаги ахираталдаги муъминзабазда жив гурхIулев, гьезие нигIматал кьолев абураб. ХIакъикъаталдаги цIакъ кIудияб лъикIлъи ва рахIмат буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазе гьабураб жинца гьел иман исламалда тIоритIидал, гьелда хьвадизеги гьаридал. Ахираталда жидее нигIматазул алжаналги хIадурун ругелъул ва кинабго нигIмат тIубазабун жиндир гьумералда ралагьи гьезие ризкъилъун гьабулевги вугелъул.

Гьаб кIиябго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIар гурхIел рахIмоялда хурхараб бугелъул гьеб цIар лъурал гIадамалги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ халкъалда гурхIел-рахIмо бугел рукIуна, жидеда лъураб цIаралъул асар гьезие щун бугони. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялда, тавбо гьабиялда халкъ ахIулел, гьезул хIажат тIубаялъе жидеца яхI бахъулел рукIуна.

4) المَلِكُ: кинабго гIаламалъул жиндие шарик (г1ахьалчи) гьечIев ханлъун жив вугев, къиямасеб къоялъул БетIергьанлъунги жив вугев, кинабго жо жинда хIажатав, жиндие бокьаразе бокьараб жо кьолев, жиндие бокьараб хIукму-къадарги гьабулев.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьаб цIаралъул магIна бичIч1арав ва гьелъул хIакъикъат лъарав чи жиндир чорхолъ чIухIи гьечIев, жиндир напсалъе бокьараб жо гьабуларев вукIуна. Жиндир берги, гIинги, мацIги, киналго лугбиги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хьвадизарулев, гьесул ццим бахъиялдаса хIинкъулев вукIуна.

5) القُدُّوسُ: кинабгIаги гIайиб ва мукъсанлъиялдасан жив вацIадав. Инсанасулазда жиндир тIабигIат гIамал релълъинебизе бегьуларев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав ва гьеб бич1чIарав муъминчи киналго чорокал, къабихIал гIамалаздаса вацIцIалъи тIалаб гьабулев вукIуна.

6) السَّلَامُ: кинабгIаги къварилъи, гIакъуба, рекIел бакъвай жинда щоларев, жинца мухлукъаталъе сахлъи, рекъел ва талихI кьолев. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьаб цIаралъул хIакъикъат хал гьабурав чиясги жиндир тIабигIат гьаб цIарада боцизе яхI бахъула.

7) المُؤْمِنُ: жинца муъминзаби цIаялдаса цIунулев, лагъзадерие гьабураб къотIи тIубазабулев, гьеб къотIиялъулъ жив ритIухъав, хIинкъи къварилъиялдаса муъминзаби рикIкIад гьарулев. Кинабго махлукъат

жиндир божилъиялда ва цIуниялда гъокь бугев, гьезие хIажатаб жоялъе жив гъокь чIарав.

8) الْمُهَيْمِنُ: жинца лагъзадерил гIамалазул хъаравуллъи гьабулев, жиндир лъаялдаса ва бихьи-рагIиялдаса щибго жо борчIун кколарев. Жиндир махлукъаталда тIад тIубараб ва гучаб къудрат бугев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав муъминчиясда Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъизе кIоларо, гьесие хIеларав ва мутIигIав вукIула.

9) الْعَزِيزُ: жиндир къуват гуч бергьарав, жиндаса щивго чи бергьунарев.

10) الْجَبَّارُ: жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIал кIолев ва махлукъаталда тIад жиндир амро-нагью билъанхъизабулев. Жинца кинабго жо квегъарав, жинда данде вахъарав залим гьалаг гьавулев. Цоги магIна гьабуна: жинца муъминзабазул ракIазе дару гьабулев, гьел сах гьарулев абун.

11) الْمُتَكَبِّرُ: жиндир сипатал ва пиша кинабго махлукъаталъул пишабаздаса тIадегIанав, кинабго чIухIи-рецц жиндие хIакъав.

Гьаб кIиябго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIар ва сипат буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ ругел, гьесие рукIине рекъарал. Амма гьал сипатал лагъасул рукIине бегьуларо ва гьел сипатал жиндилъ ругев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъ жинда гьесул ццим бахъараздаса вукIуна. Гьаб кIиябго сипаталъул бакIалда муъминчиясулъ букIине ккола хIеренлъи, хIалимлъи, мутIигIлъи, чухIи рецц гьечIолъи. Гьал киналго тамахал сипатал муъминзабаца хIалтIизаризе ккола жидеда гьоркьор. Ва амма Аллагьасулги جَلَّجَلَالُهُ жидерги тушманасда данде гьесулалдаса цIик1кIараб къвакIиги, бахIарчилъиги, гьунар-къуватги бихьизабизе ккола.

12) الْخَالِقُ: жинца жо бижулев, щибго мисал сурат гьечIого зобал-ракьал ва кинабго махлукъат бижарав, гьеб махлукъаталъул маслахIат лъан, гьелъул тадбир гьабун, кинабго махлукъаталъе хIажатаб жоги жинца бижунев.

13) الْبَارِئُ: жиндие бокьараб жо бижизабизе ва батизабизе кIолев, гьеб ишалъе щибго жоялда хIажалъуларев: мисал-сурат къваригIунарев, алат хIалтIизабуларев.

14) الْمُصَوِّرُ: щибаб жоялъул сипат-сурат бижулев. Гьаб махлукъаталъул щибаб жо цояб цоялда релълъараб гьечIого бижарав: щибаб жо батIа гьабизе лъазе ва щибалда хасаб хIукму-хIалги букIине.

Гьаб лъабго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIаралъул пикрул гьабурав муъминчи цIохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони хIелуларо ва гьесие гурони гIибадатги гьабуларо: кинабго жо жинца бижулев, батизабулев, гьелъул сипат-сурат гьабулев БетIергьанасе гьабичIого, гIибадат цоги щибниги жоялъе гьабизе бегьилишха?

15) الْغَفَّارُ: жинца ц1акъ мунагьал рахчулев, жив тIасса лъугьулев. Жинда иман лъурав ва жиндие гIибадат гIицIц1 гьабурал муъминзабазул квешлъиги лъикIлъиялда сверизабулев. Муъминчиясул чорхолъ букIине тIадаб сипат буго гьаб.

16) الْقَهَّارُ: жиндир хIалкIолъи кинабго жоялда тIад бугев ва кинабго жо жиндие квегъун ч1чIезабулев. Жиндие бокьраб жо гьабизе махлъукъ тIамулев ва кинабго жо мутIигIлъун, хIелун букIунев.

17) الْوَهَّابُ: жинца чIорого, гIорхъи ва рикIкIен гьечIого гIемерал нигIматал кьолев. Жинда гьаричIого кьолев, кьураб нигIматалда данде щибго жо тIалаб гьабичIого кьолев.

Гьаб сипатги муъминчиясе цIакъ рекъараб сипат буго. КигIан гIемер садахъа хайрат нилъеца кьуниги нилъер ризкъи дагьлъуларо; гьеб гIемерлъула ва гьелда баракатги букIуна.

18) الرَّزَّاقُ: жинца кинабниги рухI бугеб жоялъе г1емер ризкъи кьолев. Гьеб ризкъи жинца бижарав ва хIажалъи бихьун щибаб заманаялъ гьеб жидер бетIергьабазухъе щвезабулев.

19) الْفَتَّاحُ: жинца кинабго захIматаб жо г1емер бигьа гьабулев. Жинца лагъзадерида гьоркьоб хIукму гьабулев. Жинца гIелму ва гIакъло рагьулев, мискин пакъирасе ризкъиялъул рагьо рагьулев. Жинца муъминзабазул ракIал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъаялъе рагьулев ва гьезда жанибе иманалъул нур лъугьинабулев.

20) الْعَلِيمُ: жинда кинабго жо лъалев. Жиндир лъай кинабго жоялда гIамлъарав. Жинда балъагоябги загьирабги лъалев, рекIел хивалалги лъалев. Жиндир гIелму-лъаялдаса гьаб кIудияб махлукъаталъул цохIо зарра гIадаб жоги балъго хутIуларев. Инсанасе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб гIелму цIакъго дагьаб жо гурони гьечIо. Гьеб гIелму жиндие кьурав чияс даимго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рецц гьабизе тIадаб буго ва гьеб цогидазда лъазабизеги тIадаб буго, кинабгIаги чIухIи-рецц рекIелъ биччачIого хьвадизеги тIадаб буго.

21) الْقَابِضُ: жинца г1ажал лъугьарал гIадамазул рухIал росулев ва жиндие бокьарав чиясе ризкъиги дагь гьабулев. Муъминчиясул ракI жиндир гIазабалдаса хIинкъун данде къазабулев

22) الْبَاسِطُ: жинца гIумру халат гьабулев ва ризкъиги гIатIид гьабулев. Гьаб кIиябго сипат кидаго муъминчияс хал гьабизе ккола ва даимго жив Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIикъиялда ва гьесда хьул лъеялда гьоркьов вукIине ккола.

23) الْخَافِضُ: жинца купру-ширкалъул гIадамал гIодорегIан гьарулев ва инжит гьарулев.

24)الرافعُ: жинца муъминзаби тӀадегӀан гьарулев ва гьезул къадро-даража борхизабулев. Жинца зобалги тӀаде рорхарав.

25)المعِزُّ: жиндие бокьарав чиясул къуватги къадроги кӀодо гьабулев, гьесие бергьенлъиги кьолев. Муъминзабазул къадро к1одо гьабулев.

26)المذِلُّ: жиндие бокьарав чи загӀип гьавун гӀодовегӀан гьавулев ва дандиясдаса къезе гьавулев. Капурзаби г1одорг1ан гьарулев.

27)السَّمِيعُ: жинда кинабго жо рагӀулев.

28)البَصِيرُ: жинда кинабго жо бихьулев. РекӀел балъголъабиги рихьулев.

29)الحَكَمُ: жинца халкъалда гьоркьоб хӀукму гьабулев, хӀакъабги батӀулабги жо батӀа гьабулев. Ахираталда кинабго хӀукму жинца тӀубазе гьабулев. Жив цогояв хӀакимлъун вугев ва жиндир хӀукму лъицаго хисизабуларев.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьаб сипат лъарав лагъ тӀобанго гьесул хӀукму къадаралъе мутӀигӀав вукӀула, жинца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гуресул хӀукму къабул гьабуларо ва тӀад ругел ханзабазул ургъун рахъарал хӀукмабиги ритӀухъ гьаруларо.

30)العَدْلُ: жиндир кинабго хӀукму-къадаралъулъ жив ритӀухъав цониги махлъукъаталъе зарал бугеб хӀукму гьабуларев. Жиндир лагъзадерица хиянат ва зарар гьаби жинца хӀарам гьабурав. Щибаб жоялъул хӀакъ тӀубазабулев ва гьелъул маслахӀат жинца цӀунулев.

31)اللَّطِيفُ: жиндир лагъзадерида цӀакъ гурхӀулев, гьезул хӀажатал тӀуралев, гьезие лъикӀлъи гьабулев ва цӀоб-рахӀмо гьабулев. Гьаб кӀиго сипатги муъминзабазул рукӀине рекъарал сипатал руго.

32)الخَبِيرُ: жинда балъгоябги загьирабги жо лъалев, ццебеккун букӀарабги нахъа букӀинесебги жо лъалев, жинда умуразул бищунго тӀеренал, гъваридал хӀалалги лъалев.

33)الحَلِيمُ: жив хӀалимав жиндир гурхӀел рахӀмо г1емерав. Жинда гӀассилъарасеги гӀазаб гьабичӀого толев, гьев тавбо гьабун вуссине бокьун. Жинда гӀасилъаразул зулмуялда сабро гьабулев. ГӀасилъаразеги мутӀигӀазеги ризкъи кьолев. Муъминчиясдаги цӀакъ рекъола гьаб хӀалимлъиги, хӀеренлъиги.

34)العَظِيمُ: жиндир къадро кӀудияв, жиндир къадро кӀодолъиялъе гӀорхъи гьечӀев ва гьелъие авал-ахир гьечӀев.

35) الغفُورُ: жив тӀаса лъугьулев ва жинца лагъзадерил мунагьал чурулев ва гьезул гъалатӀлъи-гъапуллъи бахчун толев.

36)الشَّكُورُ: жиндир лагъзадерил дагьабго лъикӀаб гӀамалалда данде гӀемер ажро кири гьабулев, гьезул гӀамалазул гъалатӀлъи, хат1аълъи бахчун, камилаб гӀамаллъун гьеб къабул гьабулев

Муъминчиясдаги тӀадаб буго тӀадегӀанав Аллагьасул гӀемерал ва кӀудиял нигӀматал лъан, гьезда данде даимго щукру гьабизе. Бищунго кӀудияб щукру буго гьел нигӀматал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тӀалаб гьабун хьвадиялда свеиризари, гьесул щим бахъулеб гӀамал гьабиялдаса рикӀкӀалъи. Жиндие лъикӀлъи гьабурасул лъикӀлъиялда данде щукру гьабизеги тӀадаб буго: гьеб щукру гьаби букӀула дуцаги досие лъикӀлъи гьаби.

37) العَلِيُّ: жив ТӀадегӀанав киналго сипатазулъ ва макъамазулъ: гьесул макъамалда щибго жо гӀагарлъуларо ва гьесие гӀахьалчи гьечӀо. Гьудул-гьалмагъ гьечӀо, жив щибго жоялда хӀажатав гьечӀо ва кинабго махлукъат гьесда хӀажатаб буго.

38) الكَبِيرُ: жив кӀудияв, жиндир гӀамал пишаги кӀудияв, жинда релълъараб щибго жо гьечӀев, жиндир хиралъи ва къадро кӀудияв.

39) الحَفِيظُ: жиндир махлукъат цӀунулев, жиндир хъаравуллъиялдаса ва цӀуниялдаса цохӀо зарра гӀадаб жоги гъоркь хутӀуларев. Жинца муъминзаби дунял-ахиратальул балагьаздаса цӀунулев.

40) المُقِيتُ: жиндир махлукъатальул ризкъи хӀажатабщинаб жоялъухъе гьелъул ризкъи щвезабулев. Жиндир гуч бергьарав, жиндир квербакъиги кутакав.

41) الحَسِيبُ: жинца дунялалъул рукъоб жиндир лагъзадерие хӀажатаб жо чӀч1езабулев, гьезие ва цогидаб махлукъаталъе жинца гӀей гьабулев, гьездаса заралги нахъчӀвалев. Ахираталда кинабго халкъалъ жиндир хӀисаб-мизаналъе жаваб кьолев.

42) الجَلِيلُ: жиндир къадро кӀудияв, жиндие мукъсанлъи бачӀунел сипатаздаса вац1цӀадав.

43) الكَرِيمُ: жив сахаватав, жинца нигӀматал хӀисаб гьечӀого кьолев ва кигӀан гӀемер кьуниги жиндир нигӀматал дагьлъуларев. Кинабго хиралъи ва рецц жиндие мустахӀикъав. Жиндихъе кӀанцӀарав нахъчӀваларев, жинда хьул лъурав чӀового хутӀуларев. Аллагьсул جَلَّ جَلَالُهُ сахавалъи буго нилълъ иман исламалда тӀоритӀи, нилъеда хирияв авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ витӀун ва хирияб Къуръан рештӀинабун жив цо гьавулел ва жиндие гӀибадат гьабулеллъун нилълъ гьари.

44) الرَّقِيبُ: жинца лагъзадерил хӀалазул хъаравуллъи гьабулев. ГӀадамазул, жундузул малаиказул цохӀо зарра гӀадаб жо жинда балъго хутӀуларев.

45) المُجِيبُ: жинца муъминбазул дугӀаялъе жаваб гьабулев жинда гурони гьаризе бегьуларев. Жинда гьареян абун амру гьабурав, жинда гьарарасе жаваб кьезеги къотӀи гьабурав.

46) الوَاسِعُ: жиндир нигӀматал гӀемерав, жиндир гурхӀел гӀаммав, жиндир гӀелму лъай кинабго жоялда щварав ва гьелда сверун лъугьарав.

47)الحَكِيمُ: жинца хIукму битIун гьабулев, жиндир гIелму камилав. Кинабго жоялъул хIукму-хIал жинда лъалев ва кинабго жоялъул маслахIат лъан, гьелда рекъараб къадар гьабулев.
48)الوَدُودُ: жиндие муъминал лагъзал рокьулев ва гьел муъминзабазул рак1азулъ жив вокьи лъугьинабулев.
49)المَجِيدُ: жиндир сахавалъиялъулъ тIокIлъарав, жиндир нигIматал гIемерав, лъикIлъи даимав.
50)البَاعِثُ: жинца халкъалда аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIулев гьел хIакъаб диналде ахIизе. Муъминзабазе квербакъиялъе малаикзаби ритIулев. Жинца къиямасеб къоялъ халкъ тIад бахъинабулев: хIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе.
51)الشَّهِيدُ: кинабго жо жинда лъалев, гьелда валагьун вугев, гьелъул нугIлъун жив вугев.
52)الحَقُّ: жив вати хIакъав, жиндие авал-ахир гьечIев, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав ва жиндие рокьарал, жив вокьарал муъминзабазе жинца квербакъи гьабулев.
53)الوَكِيلُ: жинда мугъ чIвалев, жинда умурал тIамун толев, жинда божарав ва таваккал тIамурав гIадада холарев.
54)القَوِيُّ: кинабго къуват жиндие бугев, жив кинабго жоялдаса бергьунев, ва жиндир къуват кинабго къуваталда тIад бугев.
55)المَتِينُ: жиндир гуч къвакIарав, жиндие бокьараб жо батизабизе хIал кIолев, жив щибго жоялда хIажалъуларев.
56)الوَلِيُّ: жинца лагъзадерил тадбирал гьарулев, гьезул умурал жинца тIубалев, муъминзабазе квербакъулев ва гьезул тушбаби къезарулев.
57)الحَمِيدُ: жив веццарав, кинабго реццалъул бетIергьанлъун жив вугев, ва кинабго махлукъаталъ кинабго хIалалъ жиндие рецц гьабулев.
58)المُحْصِي: кинабго жоялда жиндир гIелму сверун лъугьарав, жиндир гIелмуялдаса щибго жо гъоркь хутIуларев.
59)المُبْدِئُ: жинца жо бижи бай бихьулев: щибго мисал-сурат гьечIого.
60)المُعِيدُ: жинца чIагоял хвезе гьарулев. Цинги хварал тIад рахъинарун цIидасан чIаго гьарулев.
61)المُحْيِي: жинца жо чIаго гьабулев, жинца чIаголъи бижулев. Хун хадуб гIадамал чIаго гьарун тIад рахъинарулев.
62)المُمِيتُ: жинца кинабго рухI бугеб жо хвезабулев, жиндие бокьараб мехалъ ва жиндие бокьараб хIалалъ.
63)الحَيُّ: Жиндир чIаголъиялъе авал-ахир гьечIев, азалияб чIаголъи жиндие бугев.
64)القَيُّومُ: жив жиндаго ч1чIарав, жив лъицаго ватизавичIев, жинца

кинабго жо батизабулев. Жиндир махлукъаталъул тадбир гъабиялда жив ч1чIарав.

65)الوَاجِدُ: жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие бокьараб жо бокьараб хIалалъ ва бокьараб гIужалъ батулев. Жив щибго жоялъ гIажиз гьавуларев.

66)المَاجِدُ: жиндир сахавалъи ва лъикIал тIабигIатал камилав, жинца гIатIидго нигIматал кьолев, жиндир къадро ва тIадегIанлъи гIорхъи гьечIого гIатIидав.

67)الوَاحِدُ-الأَحَدُ: жив цогояв, жиндир заталъулъ ва сипатазулъ щибго жоялъ гIахьаллъи гьабуларев, жиндир ханлъи ва БетIергьанлъи камилав, жиндир пишабазулъ жив цогояв, жиндие цониги рахъалъан гIахьалчи гьечIев.

68)الصَّمَدُ: жиндие кинабго жо мутIигIав ва кинабго жо жинда хIажатав, жиндир амру гьечIеб жо лъугьунарев, лагъзадерица жидер диналъулъ ва дунялалъулъ жинда къасд гьабулев.

69)القَادِرُ: жиндир къуват гуч бергьарав, кинабго жоялда жиндир хIал кIолев. ГьечIеб бакIалдаса жо бижулев ва кинабго жо гьалаг гьабизе жиндир къуват бугев.

70)المُقْتَدِرُ: жиндир хIалкIолъи камилав, лагъзадерил амру ва тадбир тIубазе ва гьезул маслахIатал цIунизе жиндир хIал кIолев.

71)المُقَدِّمُ: жинца ццебе гьабизе мустахIикъаб жо ццебе гьабулев. Аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ кинабго халкъалдаса ццере гьарулев, муъминзбаи иман исламалдалъун ццере гьарулев.

72)المُؤَخِّرُ: нахъе бахъизе, нахъехун тезе рекъараб жо жинца нахъехун толев. Капурал, мушрикал, зулмуял ва къабихIал гIадамал жинца нахъегIан къазарулев ва гьел жиндир рахIматаздаса рикIкIад гьарулев.

73)الأَوَّلُ: жив тIоцевесев азалияв, жиндир ватиялъе авал гьечIого жив ццевего вукIарав; махлукъат бижилалде ццевего жив вукIарав.

74)الآخِرُ: кинабго жоялдаса хадув жив вукIунев. Жиндир ватиялъе ахир гьечIев. Жиндасан хадуб щибго жо букIунарев.

75)الظَّاهِرُ: жив кинабго жоялда тIад вугев заталдалъун ва гьунар-къуваталдалъун.

76)البَاطِنُ: жив вукIин хIакъаб букIин гуреб жиндир хIакъикъаталда инсан хадув гъоларев. Махлукъат батиялдалъун жив вукIин лъалев. Жинда кинало бальголъаби лъалев.

77)الوَالِي: кинабго жоялъул ханлъун, маликлъун, амирлъун жив вугев. Жиндир хIикматалда рекъон махлукъаталъул тадбир гьабулев.

78)المُتَعَالِي: инсанасул гIелму-гIакъло нахъ регIиялдаса жив тIадегIанав,

мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса: жиндие шарик вукIиналдаса, жиндир хIакъалъулъ шакдарулел гIадамазул шаклъиялдасаги жив т1адег1анав.

79) البَرُّ: жинца лъикIлъи гьабулев, жиндир къотIиялъулъ ритIухъав, муъминзабазе дунялалда ва ахираталда лъикIлъаби гьарулев, дугIаялъе жаваб гьабулев.

80) التَّوَّابُ: жинца тавбо къабул гьабулев. Тавбо гьабизе жиндие бокьулев ва тавбо гьабизе жинца гьесизе гьарулев.

81) المُنتَقِمُ: жинда гIасилъарал гIадамаздаса жинца ццим босулев, зулмучагIазе гIакъуба гьабулев, жиндие бокьарал умматал гьалаг гьарулев.

82) العَفُوُّ: жинца мунагьал рахчулев, жив тIаса лъугьунев. Жинца гIакъуба хех гьабуларев. Ахираталда муъминзабаздаса тIаса лъугьун гьезие гIазаб гьабичIого толев.

83) الرَّؤُوفُ: жиндир гурхIел-рахIмо, хIалимлъи гIемерав, жиндилъ щибго хъачIлъи ва согIлъи гьечIев. Муъминзабазда гурхIел цIикIарав. Гьезул мунагьал тIасан ине гьарун гьел мунагьал лъикIаб гIамаллъун сверизе гьарулев.

84) مَالِكُ المُلْكِ: кинабго мухлукъалъул хан. Ханзабазулги хан. Жиндир хIукму къадаралъе нахъе чIвай гьечIев, жиндие бокьараб жо лъугьунев, жиндие бокьичIеб жо лъугьунарев.

85) ذُو الجَلَالِ والإِكْرَامِ: кинабго хиралъи, кIодолъи жиндие бугев, жив хира гьавизе, жиндие хIурмат гьабизе ва жиндаса хIинкъизе мустахIикъав бетIергьанлъун жив вугев.

86) المُقْسِطُ: жиндир хIукмуялъулъ ритIухъав, жиндир гIадло битIарав. ЗулмучагIаздаса рецIел босулев, жиндие зулму гьабурав ва жинца зулму гьабурав цоцазул хIакъ тIубан рази гьарулев.

87) الجَامِعُ: киналниги берцинал, камилал цIарал ва сипатал жинца данде гьарурав. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ махIшаралда данде ракIарун гьезул хIисаб-мизан гьабун гьезие жазаъ гьабулев.

88) الغَنِيُّ: жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие кинабго жо рекъон бугев, кинабго жо жинда хIажатаблъун бугев.

89) المُغْنِي: жинца гIадамазе хIажатаб жо кьун гьел бечед гьарулев. БоцIи-малалдалъун, гIелму-лъаялдалъун бечед гьарулев. Жиндир махлукъаталъе ризкъи кьун гьелдалъун гьезие гIейи гьабулев.

90) المُعْطِي: жинца хIажатаб жо кьолев ва щибаб жоялъул маслахIат жинда лъалев, гьеб маслахIаталда рекъон кьолев. Жив разиял муъминзабазе дунял- ахираталъул бахьибуголъи кьолев.

91) المَانِعُ: муъминзабадаса къварилъи-балагь нахъчIвалев, жинда

гIасилъараздаса ахираталъул нигIматал нахъчIвалев. Муъминзаби гIасилъи- пасикълъиялдаса нахъчIвалев.

92) الضَّارُّ: жиндие зарал гъабизе мустахIикълъарасе унти- къварилъи тIад биччан зарал гъабулев;. зарал ва хайир гъаби жиндир хIукмулъун бугев, жинца изну кьечIони, гьеб гьабизе цониги чиясул хIал кIоларев.

93) النَّافِعُ: жиндие мунпагIат гьабизе мустахIикъасе мунпагIат гьабулев: Иман, гIелму, гIакъло, камил гьабун. Зарал гьаби ва мунпагIат гьаби жиндир хIикматада рекъон букIулев. Инсанасе лъикIаблъун бихьараб жо Аллагьасда ﷻ аскIоб зарилияб букIине бегьула.

94) النُّورُ: жинца хIакъаб диналда тIоритIулев, хIакъаб нух бихьулеб нурлъун жив вугев. Зобал-ракьал жиндир нуралдалъун гвангъарав, жиндир нуралъ кинабго жо загьираблъун гьабулев.

95) الهَادِي: жинца муъминзаби иманалда тIоритIарав. Гьаб кинабго махлукъат бижун, гьеб гIакъло бугел чагIазда бихьизабун, гьел махлукъаталъул Халикъ вукIиналда тIоритIирав, хIакъаб каламалдалъун битIараб нухда халкъ тIобитIулев.

96) البَدِيعُ: жинца жо бижулев ва батизабулев. Жинда релълъараб щибго жо гьечIев. Заталъулъ, сипаталъулъ, гьунар-къуваталъулъги.

97) البَاقِي: жиндир вати даимав, жиндие тIаса ин гьечIев, жив нахъе хутIулев жиндие ахир гьечIев.

98) الوَارِثُ: зобал ракьазул ва кинабго махлукъаталъул ирс жиндие бугев, гьеб кинабго жо жиндир мулклъун бугев, халкъ хвезабун хадубги гьеб кинабго жо жиндир букIунев.

99) الرَّشِيدُ: жинца хIакъаб диналда тIоритIун гьелда хьвадарал муъминзаби бахьибугеллъун гьарулев. Жиндир хIикматалда рекъон жиндие бокьарав чи иманалда тIовитIулев, жиндие бокьарав тIовитIичIого толев.

100) الصَّبُورُ: жиндир сабру кIудияв, жинда гIасилъаразе гIазаб хех гьабуларев. Жиндир пишабазулъ гIедегIи гьечIев. Кинабго жо жиндие цIараб гIужалъ гьабулев.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну МасгIудидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Цониги чиясда пашманлъи, къварилъи щун бугони цинги гьев чияс гьаб дугIа гьабуни: Я дир БетIергьан Аллагь ﷻ! Дун дур лагъ вуго, дур лагъасул васги вуго, дур лагъалъул васги вуго. Дир ихтияр (нодо) дуда кодоб буго. Цебехун дие букIараб жоги дур хIукмуялдалъун букIана, дие гьабураб хIукмуги дур гIадло буго. Дица дуда гьарулеб буго Аллагь дур киналго цIараздалъун дуца дур напсалъе жиб гьабураб гьеб цIар, яги дуца дур тIехьалда жаниб жиб рештIинабураб, яги*

*дуца цониги чиясда жиб лъазабураб, яги дуца дурго гІелмуялъулъ балъго тараб,- дуца гьаб къадро кІудияб Къуръан гьабеян абун дир ракІ боххулеблъун, дир каранда нур балеблъунги, дидаса пашманлъи-къварилъи борхулеблъунги»-абун, гьев чиясдаса кинабго пашманлъи, къварилъи Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *тІаса инабула ва гьелъул бакІалда жиндие рохелги гьабула»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Т1адег1анав Аллагьас тавпикъ кьеги жив разияб г1амал гьабизе.

**Дуца как балеб мехалъ МухІаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, гьеб какилъ Къуръан цІали дуца цІакъго загьир гьабуге;** цІакъго гьаракь борхизе гьабун цІалуге ва нахъе ругезда рагІулареб хІалалъ **гьаракь дагь гьабунги цІалуге, гьеб кІиялдаго гьоркьохъеб хІалалъ цІале.**

Гьаб аят рештІинабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв ИбнугІаббасица абуна:

*«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас как балеб мехалъ мушрикаца гьесда ццим бахъун, Къуръаналдаги, Аллагьасдаги* جَلَّجَلَالُهُ *рогьоб балеб букІана. Цинги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьаб цебе бицараб рагІи рештІине гьабуна»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяй ГІаишатидаса бицараб хІадисалда буго гьаб гьаракь борхизаби ва гІадобегІан гьаби дугІа гьабулеб мехалъ бугеб хІукму бугин абун.

**111. Дуца абе МухІаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**: Кинабго рецц ва щукру жив ТІадегІанав Аллагьасе буго, жиндир лъимал хъизанги гьечІев, жиндир ханлъиялъулъ г1ахьалчиги гьеч1ев.**

وَقُلِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ شَرِيكٌ فِى ٱلْمُلْكِ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ وَلِىٌّ مِّنَ ٱلذُّلِّ ۖ وَكَبِّرْهُ تَكْبِيرًۢا ﴿١١١﴾

Жиндие гІибадат гьабизе хІакъав, жинда гІахьаллъи гьабулев цоги щивго чи гьечІев. Жив щибго жоялда хІажатавги гьечІев, **жиндие квербакъулев валиясда ва насирасда жив хІажатав гьечІо: гьез жив кІодо гьавизе ва жиндир къадро гьабизе. Дуца гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **кІодоги гьаве МахІаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, гьесие хІакъаб кІодо гьавиялъ.** Дуца гьев рехсе киналго жиндир къадро, къимат тІадегІанал сипатаздалъун ва гьесда рекъараб рехсеялдалъунги.

ТІадагІанав Аллагьасул квер бакъиялдалъун суратул Исраалъул тафсир ва таржама хъван тІубана.

Кинабго рецц ва щукро ТІадегІанав Аллагьасе буго.

# 18. Суратул Кагьф

سُورَةُ الكَهْفِ

*Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIго аят бугеб.*

*Къуръаналда жаниб щуго сурат буго «АлхIамдулиллагьи» абун жидер бай бихьи бугел. Гьел руго «АлфатихIа», «Ал-АнгIам», «Ал-Кагьфи», «Сабаъ», «ФатIир». Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рецц гьаби, гьев кIодо гьави ва гьев цогояв Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналда мукIурлъиялдалъун байбихьулел руго гьел суратал.*

*Гьаб суратул Кагьфалда жаниб лъабго берцинаб къисса буго, Къуръаналда жанир ругел жидер вагIза ва пайда кIудиял къиссабаздаса. Гьел къисабазги кантIизарулел руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан вукIиналда, гьесул хIал гучаб букIиналда. Жидер битIараб гIакъида (иман) цIунун, купру-ширкалъул зулмуялдаса рикIкIалъун цо нохъокье руссарал гIолохъабазул къисса бицун буго, жиндалъун гьаб суратaлда цIарги лъураб (алкагьф, нохъо), ТIадегIанав Аллагьас лъабнусго соналдаса цIикIараб заманалъ кьижизарун цинги тIад рахъинарурал.*

*КIиабилеб къисса буго Муса аварагасулги عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIелму кьурав гьесул лагъ Хизрилги ккараб лъугьабахъин бицунеб. Гьеб къиссаялда жаниб бицараб жоялдаса мурад буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIелму-лъай жиндие бокьарав чиясе кьолеблъи баян гьаби ва щивниги чиясда ракIалда ккезе бегьулареблъи жив цIакъ жо лъалев чи вуго абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ гIелмуги авараглъиги кьун бугониги, гьесие кьечIеб цогиги гIелму букIиналда кантIизавуна Муса аварагъ عَلَيْهِ السَّلَامُ ТIадегIанав Аллагьас. ГIелму тIалаб гьабун къватIире рахъине ккеялда ва гьеб гIелму щвезе гIоло гIакъуба-захIмат баччизе ккеяда ишараги буго гьеб къиссаялда жаниб.*

*Лъабабилеб къисса буго Зулкъарнайни абулев ханасе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьун букIараб кIудияб ва гIатIидаб ханлъиялъул бицунеб. Гьеб ханлъи жиндие кьеялъе сababги букIана гьев иман лъурав, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъулев лагъ вукIин. Гьев Зулкъарнайни бакъ баккуда бугеб рикIкIадаб ракьалдеги щун гьес гьениб гьабураб сангаралъул бецен гьабун буго.*

*Гьаб лъабго къиса бицун ва мисалал рачун Аллагьас баян гьабулеб буго хIакъаб жо ва хIакъаб дин боцIи-малалда ва ханлъиялда хурхун букIунареблъи, гьеб хурхунеб бакI инсанасул ракI букIин, ва гьениб*

*жаниб бугеб битIураб гIакъида-иман букIин. КIиябизе баян гьабулеб буго гьаб дунял жиб тIаса унеб, паналъулеб жо букIин. Лъабабизеги баян гьабулеб буго чIухIи рецц ва жиндирго напсалъ гукки инсан гьалаг гьарулел сипатал рукIин. Гьелъие мисал бачун иблисалъул къисса бицун буго жиб Адамие сужда гьабизе чIухIараб, цинги жибги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIматалдаса рикIкIад гьабураб.*

*Сураталъул ахиралда муъминзабазул ва капурзабазул сипатал рицун руго, гьел руссунеб бакI алжан яги жужахI букIинги бицун буго. ХIакъаб жо гьабулел ругин жидер ракIалда букIунел, амма жидер гIамал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разияб гуреб букIунел гIадамазулги бицун буго. Жиндие гIибадат гьабизе хIакъав цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин ва гьесде ширк гьаби батIулаб нух букIин бицун тIубазабун буго гьаб сурат.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ عَلَىٰ عَبۡدِهِ ٱلۡكِتَٰبَ وَلَمۡ يَجۡعَل لَّهُۥ عِوَجَاۜ ﴿١﴾

1. **Жив кIодо гьавиялда хурхараб, тIубараб ва камилаб рецц ТIадегIанав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго, жиндир хирияв лагъ МухIаммад аварагасда ﷺ гьаб Къуръан рештIинабурав,** гьев МухIаммадие ва гьесул кинабго умматалъе рахIматлъун жиб бугеб, жиндилъ магIна рекъолареб, лагъзадерил маслахIатазда данде кколареб, **хIакъаб битIараб диналдаса гьетIараб, мекъаб щибго жо гьечIеб.**

قَيِّمٗا لِّيُنذِرَ بَأۡسٗا شَدِيدٗا مِّن لَّدُنۡهُ وَيُبَشِّرَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٱلَّذِينَ يَعۡمَلُونَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أَنَّ لَهُمۡ أَجۡرًا حَسَنٗا ﴿٢﴾

2. **Жиб битIараблъун,** жиндилъ хилиплъи гьечIеб, цояб цоялда данде кколареб жо гьечIеблъун рештIизабуна гьеб Къуръан, **капураб къавмалъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан гучаб гIазабалдалъун хIинкъи кьезе. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабазда гьезие х1акълъунго Алагьас ахираталда цIакъ берцинаб ажро хIадурун бугин абун рохелги бицине,**

مَّٰكِثِينَ فِيهِ أَبَدٗا ﴿٣﴾

3. **Жал даимго жанир рукIунел алжаназул нигIматал руго гьел.**

وَيُنذِرَ ٱلَّذِينَ قَالُواْ ٱتَّخَذَ ٱللَّهُ وَلَدٗا ﴿٤﴾

4. **Гьединго хIинкъи кьезе ТIадегIанав Аллагьасул лъимал ругин абун, гьесда бугьтан лъолел капурал гIадамазе гучаб гIазаб букIине буго**

**абун.**

**5. Гьеб жидер гьересияб рагIиялъе жидее далилги гьечIел,** гьелъул жидеда щибго лъалеб жоги гьечIел. **Гьезул умумузеги гьечIо щибго далил ва гIелму гьеб гьереси бициналъе.**

مَّا لَهُم بِهِۦ مِنْ عِلْمٍ وَلَا لِـَٔابَآئِهِمْ ۚ كَبُرَتْ كَلِمَةً تَخْرُجُ مِنْ أَفْوَٰهِهِمْ ۚ إِن يَقُولُونَ إِلَّا كَذِبًا ۝٥

Гьел киналго жидер жагьиллъиялъулъ ва къосиналъулъ руго. **ЦIакъ къабихIаб, гьересияб рагIи бугоха гьел гIадамазул кIалдиса къватIиб бачIунеб.** Гьел гIадамал жидеца цIакъ кIудиял мунагьал гьарулел руго. **Гьез бицунеб жоги кIудияб гьереси гурого гьеч1о.**

**6. Дуца дурго напсалъе къварилъи гьабулеб бугоха МухIаммад ﷺ, гьеб дур къавмалъ иман лъечIо абун,** гьел дудаса ратIалъун жидерго купру-ширкалда чIана абун, **гьаб хирияб Къуръанги жинда иман лъечIого, гьереси гьабуна абун.**

فَلَعَلَّكَ بَـٰخِعٌ نَّفْسَكَ عَلَىٰٓ ءَاثَـٰرِهِمْ إِن لَّمْ يُؤْمِنُوا۟ بِهَـٰذَا ٱلْحَدِيثِ أَسَفًا ۝٦

Дур ракI къварилъуге МухIаммад! Дуца гьел иманалда ахIе, гьел иманалда тIоритIи дир иш буго, дуда тIад гьезухъе хIакъаб Къуръан ва рисалат щвезаби буго.

**7. Х1акълъунго Дица гьаб ракьалда тIад ругел батIи-батIиял нигIматал ва гIажаибал берцинал ахал,** авлахъал ва мугIрул, гьединго ракьулъан бахъулеб гIарац-месед ва цогидабги хазина ва бечелъи **гьабуна. Гьаб ракьалъул берцинлъилъун.**

إِنَّا جَعَلْنَا مَا عَلَى ٱلْأَرْضِ زِينَةً لَّهَا لِنَبْلُوَهُمْ أَيُّهُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا ۝٧

Жинца ракь берцин гьабулеблъун. Дица зобал берцин гьарурал гIадин батIи-батIиял цIвабзаздалъун ва бакъ-моцIалдалъун. **Гьеб иш дица гьабуна дир лагъзадерил хIал бихьи гьабизе. Щивдай вуго** гьездасан жинца иман лъолев, жиндие гьел дир гIаламатаз дун БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиялда тIоритIел гьабулев, цинги **жинца дун разилъи тIалаб гьабун гIибадат бац1цIад гьабулев.**

**8. Х1акълъунго Дица гьаб ракьалда тIад ругел берцинал ахал-хурзал ва рохьал-авлахъал гьаризе руго жиб бакъвараблъун. Жинда тIаде щибго жо бижун букIинчIеб ракьалда релълъун.**

وَإِنَّا لَجَـٰعِلُونَ مَا عَلَيْهَا صَعِيدًا جُرُزًا ۝٨

КъуртIубияс абуна: гьаб аят рештIинабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьабун. Гьелъул магIна буго, дуца ургъел гьабуге МухIаммад ﷺ, гьаб дунялалъул ва гьеб тIалаб гьабулеб

агьлуялъулги. Гьеб буго дица гьезул хIал бихьизе кьураб жо. Цояз гьеб дунялалдаса вагIза лъугьун иман лъола, цогидазе гьеб дунялалъул гIажаибал гIаламатал рихьуларо ва гьел жидерго жагьиллъиялда ва купруялда ч1чIола. Ахираталда дица гьезие жазаъ гьабизе буго жидер гIамалазда рекъараб абун. Ай, гьаб дунялалъул берцинлъи буго жиб хехго т1аса унеб жо, гьелда рак1гъун, мугъч1ван рук1ине лъик1 гьеч1о.

**9. Дуда ракIалда кколебищ бугеб МухIаммад ﷺ, асхIабул кагьфазул ва ракъималъул бетIергьабазул къиссаялъулъ гIажаибаб жо бугин абун.**

أَمْ حَسِبْتَ أَنَّ أَصْحَٰبَ ٱلْكَهْفِ وَٱلرَّقِيمِ كَانُوا۟ مِنْ ءَايَٰتِنَا عَجَبًا ﴿٩﴾

Гьеб къиссаялъулъ бугелдаса гIемерго кIудияб гIажаиблъи гьабизе кколеб жо буго гьал зобал-ракьал рижи ва гьазда жаниб бугеб гIемераб, инсанасул г1акъло жинда хаду гъолареб рухI бугеб ва рухI гьечIеб кинабго махлъукъат.

«АсхIабул кагьфи» буго гьел гIолохъабазда абулеб цIар (нохъоялъул бетIергьаби). Ракъим абураб рагIи буго гьезул цIаралги тIад хъван нохъоялъул кIалтIа бугеб хъарщи яги кагъаталда абулеб рагIи, цоги гIалимзабаца абуна гьеб «ракъим» абураб рагIи гьеб мегIерада яги кIкIалалда цIар бугин абун.

**10. Гьел гIолохъаби кьурул нохъокье руссараб заманалъул хабар бице МухIаммад дуца** дур умматалъе вагIзалъун ва дудасан гьеб бици тIалаб гьабулел къурайшиязул мушриказе жаваблъунги. Жидер къавмалъ гьабулеб купру-ширкалдаса рикIкIалъун гьеб нохъоде жал руссараб мехалъ, **гIолохъабаца абуна: «Я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижее дуда аскIоса цIоб-рахIмат кье.** Нижер иман камил гьабе, нижее саброги кье, нижер мунагьалги рахчун те. **Ва дуца нижер амруги хIакъаб диналде тIоритIун гьелда ниж даимлъулеблъун гьабе, нижер ахирги дуца битIун ккезабе»-абун.**

إِذْ أَوَى ٱلْفِتْيَةُ إِلَى ٱلْكَهْفِ فَقَالُوا۟ رَبَّنَآ ءَاتِنَا مِن لَّدُنكَ رَحْمَةً وَهَيِّئْ لَنَا مِنْ أَمْرِنَا رَشَدًا ﴿١٠﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир дугIаялъулъ абулеб букIана: *«Дуца нижее кинаб хIукму гьабун батаниги, гьелъул ахир лъикIаблъун гьабе я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ»*-абун.

Цоги аварагас абулеб букIана: *«Я нижер Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца нижер киналго умуразул ахир лъикIаблъун гьабе, дуца ниж дунялалъул гIодорегIанлъиялдасаги ахираталъул гIазабалдасаги цIуне»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Хирияв аварагасул ﷺ гьаб дугIаялдаса бичIулеб буго кинабго хIалалъ нилъеца Аллагьасдаса ﷻ лъикIлъи ва тIоритIел гьаризе кколеблъи. «Аллагьас ﷻ хъвараб жо гурони лъугьунаро»-абун, яги «Аллагьас ﷻ жиндир хIукму хисизабуларо»-абун тавакkал тIамун чIезеги бегьуларо. Гьаб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьабураб дугIаялда жаниб загьиралдаго абулеб буго: «Дуца нижее щиб хIукму гьабун батаниги, гьелъул ахир лъикIаблъун гьабе»-абун. Гьаб рагIиялдаса бичIчIулеб буго Аллагьас ﷻ жиндие бокьараб хIукму гьабулеблъи ва жиндие бокьани гьеб хисизеги гьабулеблъи. Гьадин бугелъул нилъеда тIадаб буго кидаго Аллагьасда ﷻ божун, гьесда хьул лъун, гьесие мутIигIлъун рукIине.

РакIалъе Аллагь ﷻ лъараб мехалъ ва гьев вокьараб мехалъ инсанасул Аллагьасда ﷻ божи-хьул г1емерлъула ва гьесул рахIматалда хьулги цIик1кIуна. Гьелдаго цадахъ гьев Аллагьасда ﷻ гIасилъизе хIинкъула ва гьесул ццим бахъи-гIазабалдасаги хIинкъула: жиндие вокьарав чи жиндаса вуссин цIакъ кIудияб гIазаб букIуна инсанасе.

Ибнукасирица абуна: гьаб «суратул Кагьфи» рештIине гьабиялъе сабаб бицун ИбнуисхIакъица ва жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: къурайшиязул мушриказ Назар ибну ХIарис ва ГIукъбат ибну абу-МугIитI абулев кIиго чи витIана Мадинаялда ругел ягьудиязул гIалимзабазухъе жидеца гьезда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул хабар бицине. Гьесул сипатал рицун, гьес бицунеб хабар бицун ва гьес жинда ахIулеб дин бицун, гьел гIалимзабаца гьев МухIаммадил хIакъалъулъ щиб жодай абула абун гIенеккизе. Ягьудиял ругелъул жидехъе тIехьги рештIине гьабурал, аварагзабиги ритIарал гIадамал ва гьезда лъазе буго гьав чияс битIараб бицунебищ бугеб яги гьереси бицунебищ бугебали абун.

Гьев кIиявго Мадинаялда щвана ва ягьудиязул гIалимзабигун данделъун гьезда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул хабар бицана ва гьез абуна: «Нуж руго гIалимзаби ва тавраталъул агьло, ниж рачIун руго нужехъе гьев МухIаммадил хIакъалъулъ щибдай нужеца абула»-ян лъазе.

Ягьудияз абуна: «Нужеца гьесда гьикъе лъабго жоялъул хIакъалъулъ, нужее гьес гьеб лъабго жо бицани гьев Аллагьас ﷻ халкъалда дин малъизе витIарав авараг вукIуна. Жинца гьеб лъабго жо бицинчIони гьев жинцаго ургъарал харбал рицунев чи вукIуна»-абун.

Хадуб ягьудияца абуна: «Нужеца гьесда гьикъе гьанжеялдаса гIемераб заманаялъ цере жидер къавмаладаса лъутун арал гIолохъабазул хабар, гьезул гIажаибаб къисса буго. Цогиги гьикъе ракьалда тIад сапаралда

хьвадарав ва машрикъ-магърибалда жив щварав чиясул хабар. Цоги нужеца гьикъе рухI щиб жо бугеб? абун. МухIамадица суалазе жаваб кьуни гьев чи жинца битIараб бицулев вукIуна ва Аллагьасул ﷻ расулги вукIуна, нужги гьесда нахърилълъа. Жаваб кьечIони гьев гьереси бицунев чи вукIуна ва гьесие нужеего бокьараб жо гьабе»-абун.

Гьев кIиявго чапар Мадинаялдаса тIад руссун Маккаялда рачIана ва къурайшиязул церехъаби данде ахIун жидер ккараб жо бицана, ягьудиязул жавабги бицана.

Цинги къурайшиял Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасухъе рачIана ва гьез абуна нижеда гьаб лъабго жоялъул хабар бице абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммадица абуна дица гьеб хабар нужеда метер бицинаян абун. Гьеб бакIалда аварагас ﷺ «иншаАллагь» абичIо (аллагьас хъван батани), ва гьеб гъалатI сабаблъун ТIадегIанав Аллагьас анцIила щуго къоялъ жиндир вахIю босун Жабраил малаик гьесухъе витIичIо. ЦIакъ ракI къварилъун аварагги ﷺ вукIана, гьесда нахъаса кIалъалел мушрикалги рукIана: «Гьав чиясде ралагье нуж! метер жаваб кьелаянги абун гьале анцIила щуго къоялъ щибго жо бицинчIого вахчун чIун вуго»-абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас Жабраил малаик عليه السلام витIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе гьаб суратул кагьф босун ва гьелда жаниб Аллагьас ﷻ аварагасда абуна: «Мун гьел мушриказ дуда нахъаса бицунеб жоялда пашманлъуге, дуца дурго напсги къварид гьабуге гьезул хабар сабаблъун»-абун. (6 аят). Цоги абуна: «Дуца щибго жо дица метер гьабизе бугин абуге «инша Аллагь» цадахъ абун гурони»-абун (22-23 аят).

АсхIабул кагьфалъул къиссаялъул хIасил гьабун, гьеб къокъ гьабун МухIаммад ГIали Сабунияс бицана: Цо зулмуяв хан вукIана румазул ТIартIус абулеб шагьаралда ва гьелда сверухъ бугеб бакIалда. Гьесул цIар Дикъянус букIана. Гьев вукIана ГIиса аварагасдаса عليه السلام хадуб бугеб заманаялъ жинца гIадамал Аллагьасе ﷻ ширк гьабиялда ахIулев, гьел хъанчие лагълъи гьабизе тIамулев ва жинда гIасилъарасе зулму гьабулев ва жинца муъминзаби чIвалев. Гьеб цIакъ кIудияб питна букIана Аллагьасда ﷻ иман лъурал гIадамазе.

Гьеб питна сабаблъун цIакъ ракI къварилъун, гьеб питнаялда данде киндай ч1чIелаян ургъулел рукIана жидер рекIелъ камилаб иман лъугьун, гьелъул нуралъ жидер ракIги, гIакълоги гвангъизабурал гIолохъабазул цо къокъа. Гьезул хабар ханасда рагIун гьес гIолохъаби жиндихъе рачIинаруна ва гьезие хIинкъи кьуна жинца нуж чIвазе

ругин хъанчие лагълъи гьабичIони ва гьезие къурбаналги хъвечIони абун. Гьев залимав ханасда ццереги чIун гIолохъабаца абуна: «Нижеца жиндие гIибадат гьабулев нижер БетIергьан гьал зобал ракьал жинца рижарав гьезул ва цогидаб кинабго махлукъаталъул БетIергьан вуго. Нижеца кидаго гIибадат гьабизе гьечIо гьев БетIергьан Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони»-абун.

Гьев залимав ханас абуна: дида нуж гIисинал гIолохъаби рихьунел руго, жегиги гIакъло камиллъичIел, дица нужее метер радаллъизегIан ургъизе заман кьолеб бугоян-абун. Къаси сардилъ гьел гIолохъаби шагьаралдаса къватIире рахъун гIалахалдехун лъутун ана. Цо гIиял къайиялда аскIосан унаго гьезда хадуб гьев вехьасул гьвеги ана.

Радалалде цо мегIералъул кIкIалахъ бугеб нохъоялда аскIоре щун гьел гьенир жанир лъугьана. Ханас ахIи бан жиндир аскаралъул гIадамал гьезда хадур рахъинаруна. Гьеб нохъо бугеб бакIалда щвараб мехалъ гьенир жанир лъугьине хIинкъун, жидер ханас амруги гьабун, гьез гьеб нохъоялъул кIалтIа къед гьабуна ва гьенир жанир ракъуца ва къечалъ хвелин абун г1олохъабиги тун, аскарал тIаде руссун ана.

Цоги гIалимзабаца бицана: «Гьев Дикъянусил гIадамазда гьел гIолохъаби араб бакIго лъачIо ва гьел гьеб нохъоде аскIорего щвечIо»-абун. Къуръаналъул хадусел аятазул пикру гьабураб мехалъ ракI рекъолеб буго гьеб рагIи битIараб букIиналда.

Цинги гьел гIолохъаби кьижун ккана ва щибго жидеда лъачIого, лъабнусгоялдаса цIикIкIун саназ кьижухъе гьеб нохъода хутIана. ТIадегIанав Аллагьас гьел макьидаса рорчIизаридал гьезда ракIалде ккана доб жал нохъоде лъугьараб къо буго гьеб абун ва жал ракъун рукIинги лъан цояв гьалмагъ витIана шагьаралде тIагIам ва лъим босизеян абун. Гьев гIолохъанчи шагьаралда щведал гьеб гьесда лъалареб бакIлъун бихьана ва гьесда ракIалде ккана жив нух къосун цоги шагьаралде щун вугин абун.

Базаралда ун кваназе чед ва цогидаб нигIматги босун гьес гIарац кьедал, гьеб квен бичулев чи тамашалъун хутIана ва гьес кьураб гIарацалда гIажаиблъун валагьана. Хадуб вичарулес гьикъана: «Гьаб гIарац киса дуе щвараб? Дуе хазинайищ батараб абун?» ГIолохъанчияс абуна: «БатичIо дида хазина, гьеб гIарац нижер къавмалъ хIалтIизабулеб гIарац буго»-абун. Дов чияс абуна: «Гьаб буго г1емерал соназ цеве вукIарав Дикъянус ханасул гIарац»-абун. Гьев Дикъянусие щиб ккараб абун гIолохъанчияс гьикъидал дос абуна: «Гьев хвinduлдаса лъабнусго сон гIадаб заман буго»-абун.

Гьев гIолохъанчиги бицине жо лъаларого хутIана, гьесда сверухъ

ракIарун гIадамазги гIажаиблъи гьабуна. Гьеб хабар ханасда рагIун, гьев гIолохъанчи жиндихъего ахIана. Хан вукIана иман лъурав, гьев цIакъ воххана гIолохъанчияс жидер къисса бициндал. Шагьаралъул гIадамал хангун цадахъ гьеб нохъоде аскIоре ана. ГIадамазул сас рагIараб мехалъ гIолохъабазда ракIалде ккана Дикъянусил аскар бачIунеб бугилан абун, ва гьел как базе тIаде рахъана. Муъминав хан гьезда тIаде лъугьана ва гьезул кверал росун гьезда къвалги бана. ГIолохъабаца бицана жал гьев залимав ва капурав хан Дикъянусил зулмуялдаса лъутун гьаб нохъода лъугьарал гIолохъаби ругин абун: жидер дин цIунун ва Аллагьасде ﷻ ширк гьабизе бокьичIого. Хадурги гьел гIолохъаби кьижун ккана, гьеб хIалалъ Аллагьас ﷻ гьезул рухIалги росана. Гьев муъминав ханас гьеб нохъодул кIалда ццебе масжид бана ва нохъоги жанив чи лъугьунареб гьабуна.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

فَضَرَبْنَا عَلَىٰٓ ءَاذَانِهِمْ فِى ٱلْكَهْفِ سِنِينَ عَدَدًا ﴿١١﴾

**11. Дица гьел гIолохъабазул гIундузда щибго жо рагIулареб хIалалъ щулияб макьуялдалъун гьеб нохъоялда жанир гьел кьижизаруна гIемерал соназ.**

ثُمَّ بَعَثْنَٰهُمْ لِنَعْلَمَ أَىُّ ٱلْحِزْبَيْنِ أَحْصَىٰ لِمَا لَبِثُوٓا۟ أَمَدًا ﴿١٢﴾

**12. Цинги дица гьел макьидаса рорчIизарун тIад рахъинаруна, дида лъазе кинаб къокъадай букIина абун гьел гIолохъабаца нохъода рарал саназул хIисаб гьабиялъул рахъалъан жал ритIун кколеллъун.**

Гьаб кIиго къокъаялдаса мурад буго гьел гIолохъабазул хIал жидеда загьирлъарал гIадамазул кIиго къокъа цоцадехун гаргадизе рукIин гьел гIолохъабаца кигIан заманадай бана гьеб нохъода абун. Цоги гIалимзабаца абуна: гьаб кIиго къокъа буго гьел гIолохъабаца цоцадехун абулеб рагIи: «Нилъеца гьаниб цо къо бана яги бащадаб къо бана абун. Аллагьасда ﷻ лъала нилъеца гьаб нохъода бараб замана»-абун.

نَّحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ نَبَأَهُم بِٱلْحَقِّ ۚ إِنَّهُمْ فِتْيَةٌ ءَامَنُوا۟ بِرَبِّهِمْ وَزِدْنَٰهُمْ هُدًى ﴿١٣﴾

**13. Дица дуда бицина МухIаммад ﷺ гьел гIолохъабазул хабар хIакъаб жо бицуневлъун дун вукIун:** тIаде жо цIикIкIизабичIого тIаса щибго жо мукъсанги гьабичIого, дуда мурад бичIчIулеб хIалалъ, муъминзабазул ракIги хIалхьолеб хIалалъ. **Х1акълъунго Гьел гIолохъаби рукIана жидеца БетIергьан Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва дица гьезул**

**иман жегиги цIик1кIизе гьабуна, гьезие хIакъаб жоги баян гьабуна** ва битIараб диналдаги тIоритIана.

Ибнукасирица абуна: гьел гIолохъаби рукIана хIакъаб диналда ч1чIарал, жидеда битIараб нухги лъарал, жидер умумуз гьабулеб батIулаб диналдасаги руссарал. Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда нахърилълъарал ва Аллагь ﷻ цо гьавун хъанчазде тушманлъи гьабуралги гIемерисел гIолохъаби рукIана, къурайшиязул кIудиял чагIиги батIулаб диналдаго чIана абун.

Гъассан ХIамдуница абуна гIолохъанчи абураб рагIиялъул магIна буго жинца бахIарчилъи бихьизе гьабулев, зулму-зарал нахъчIвалев, жиндир зигарди букIунарев, жинца хIарамаб жо тарав, берцинал тIабигIатал ккурав чи абураб. ГIолохъанчияс жинца гьабичIеб жо гьабуна абуларо ва жинца гьабураб жоялъе гIузруги бицунаро. Аллагьасул ﷻ дин ракьалда букIинабизе ва гьеб дин ракьалда цIунизеги муъминал гIолохъаби къваригIуна. Гьезул иш буго батIулаб дин тIагIинаби ва хIакъаб дин загьир гьаби-абун.

وَرَبَطْنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ إِذْ قَامُوا۟ فَقَالُوا۟ رَبُّنَا
رَبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ لَن نَّدْعُوَا۟ مِن
دُونِهِۦٓ إِلَٰهًا ۖ لَّقَدْ قُلْنَآ إِذًا شَطَطًا ﴿١٤﴾

14. **Дица гьезул ракIалги щула гьаруна, гьездаса хIинкъи тIаса инабун. Гьезул саброги якъинги цIик1кIинабуна. Жал гьев залимав ханасда цере рахъун чIараб мехалъ ва** гьесда бадирги ралагьун, щибго хIинкъичIого **жидеца абураб мехалъ: «Нижер БетIергьан вуго гьал зобал ракьазул БетIергьанлъун вугев, жив цогояв, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагь ﷻ.** Дуца ниж жиндие лагълъи гьабизе ахIулел хъанчал гьечIо нижер бетIергьан. **Нижеца гьев Аллагьги тун цоги щибго жоялъе лагълъи гьабиларо. Гьедин гIибадат гьабураб мехалъ, ниж рукIуна хIакъаб жоялдаса хъуштIарал, битIараб диналдаса руссарал, купру-ширкалда ккарал гIадамал»-абун.**

هَٰٓؤُلَآءِ قَوْمُنَا ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ ءَالِهَةً ۖ لَّوْلَا
يَأْتُونَ عَلَيْهِم بِسُلْطَٰنٍۭ بَيِّنٍ ۖ فَمَنْ أَظْلَمُ
مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا ﴿١٥﴾

15. **Гьаб нижер шагьаралъул агьло буго жидеца Аллагь ﷻ тун цоги алагьзаби ккурал жидее гIибадат гьабулелъун,** жидее щибго гIилла-хIужаги гьечIо гьеб гIибадат гьедин гьабиялъе. **Гьеб агьло жидеца битIараб жо гьабулеллъун ратани гьел жидер гIамалалъе хIужжаги бачун рач1а абеха.**

Гьел хIужжа бачун рачIунаро, гьез гьабулеб гIамалги батIулаб жо буго. **Жидер зулму кIудиял гIадамал щалха рукIунел Аллагьасдаги ﷻ**

**гIунтIизабун жидеца гьереси бицунел гIадамаздаса.** Гьал гIадамал руго гьел жидер зулму кIудиял, Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабун цоги алагьзабазе лагълъи гьабулел ва гьеб жидеца гьабулеб жо битIараб дин бугиланги абулел.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَإِذِ ٱعۡتَزَلۡتُمُوهُمۡ وَمَا يَعۡبُدُونَ إِلَّا ٱللَّهَ فَأۡوُۥٓاْ إِلَى ٱلۡكَهۡفِ يَنشُرۡ لَكُمۡ رَبُّكُم مِّن رَّحۡمَتِهِۦ وَيُهَيِّئۡ لَكُم مِّنۡ أَمۡرِكُم مِّرۡفَقٗا ﴿١٦﴾

**16. Нужеца гьеб къавмги, гьез жидее лагълъи гьабулел хъанчалги рикIкIад гьарураб мехалъ, цинги нужее гьаб къавмалъ хIинкъиги кьураб мехалъ, нуж русса (ае) пуланаб бакIалда бугеб нохъоде. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир рахIмат нужее гIатIид гьабила, гьеб къавмалъул зулмуялдаса нужги цIунила. Ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее хIадурила гьеб нохъода рукIадго нуж жинда хIажалъулеб квен-тIех гIадаб, лъим гIадаб жо.**

ТIадегIанав Аллагьас щибго жоялда хIажат гьечIеллъун гьарун, лъабнусго соналъ кьижизе гьаруна. Гьел гIемерал соназ жал ракьалда регун ругониги жидер ретIелги туричIо, гьанги унтичIо.

Сайид КъутIбуца абуна: гьаб бакIалда нилъеда якъинго бихьулеб буго щал гIолохъаби гьел рукIараблъи. Гьел рукIана жидер иманги къвакIарал, чурхдулги щулиял, жидер къавмалъ гьабулеб ширкалда данде гучаб инкарги гьабурал. Гьел гIолохъабазда бичIчIана нух кIийиде бикьун букIин ва гьеб данделъизе рес гьечIеблъиги. Гьезда бичIчIана гьеб къавмалъул гуч ва зулму жидералдаса цIикIкIараб букIин, гьезда данде рахъани жал гьалаглъулеблъи ва гьез къасд гьабуна жидер иманги, динги, гIакъидаги цIунун гьел гIадамазда гьоркьоса лъутизе.

Жидеца гьижра гьабуна, амма гьезие цоги ватIан букIинчIо ва цоги муъминзабиги рукIинчIо жал гьезда аскIоре ине ва гьелгун цадахъ лъугьун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин ракьалда загьир гьабизе ва хьвадизе гьабизе. Гьел лъутун ана мугIрузул ахада бугеб кьурул нохъоде. Дунялалъул чIаголъи ва берцинлъи тун, бецIаб, цIорораб нохъо тIаса бищана гьез ва гьенир жанире щведал гьезул ракIалги цIакъ парахалъана, гьел жидер БетIергьан Аллагьгун цадахъ хутIана; гьеб бецIаб нохъоги жидее нур бараблъун букIана, гьелъул къварилъиги жидее гIатIилъана, гьелъул къвакIараб ракь жидее тамахаб босенлъун лъугьана. Гьедин рахIатаб бакIалда жал щвараб мехалъ гьел кьижун ккана кинабго ургъел- къварилъиги тIаса ун.

Гьаб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ кIудияб рахIмат! Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьас унгого жив лъарал лагъзадерие гьабулеб цIоб

рахIмо!-абун.

**17. Дуда бакъги бихьула, я гьав инсан, жиб баккараб мехалъ гьеб нохъоялъул кваранаб рахъалдехун унеб, жиб тIерхьулеб мехалъги гьеб нохъоялдаса рикIкIалъун квегIаб рахъалда унеблъун, гIолохъабиги нохъоялъул гIатIилъиялда руго.**

۞وَتَرَى ٱلشَّمۡسَ إِذَا طَلَعَت تَّزَٰوَرُ عَن
كَهۡفِهِمۡ ذَاتَ ٱلۡيَمِينِ وَإِذَا غَرَبَت تَّقۡرِضُهُمۡ
ذَاتَ ٱلشِّمَالِ وَهُمۡ فِي فَجۡوَةٖ مِّنۡهُۚ ذَٰلِكَ مِنۡ
ءَايَٰتِ ٱللَّهِۗ مَن يَهۡدِ ٱللَّهُ فَهُوَ ٱلۡمُهۡتَدِۖ وَمَن
يُضۡلِلۡ فَلَن تَجِدَ لَهُۥ وَلِيّٗا مُّرۡشِدٗا ١٧

Гьел гIолохъабазда тIад бакъ щоларо радал жиб баккулеб мехалъги, къад зоб бакьолъ бугеб мехалъги къаси тIерхьунеб мехалъги, гьезие зарал гьабичIого букIине.

**Гьаб дуе бицунеб нохъода рукIарал гIолохъабазул хабарги ТIадегIанав Аллагьасул гIаламатаздасан цо гIаламат буго.** Иман лъезе бокьарав чиясе Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабиги буго. **Аллагьас ﷻ хIакъаб диналда тIовитIарав чи вуго жив тIовитIарав. Аллагьас ﷻ жив къосараб нухда тарав чи,** жиндир квешаб гIамал сабаблъун жив къосарав, **гьев чи битIараб нухда тIовитIулев цониги вали ватуларо ва цониги муршидги ватуларо дуда.**

**18. Дуда гьел гIолохъаби рихьун рукIаралани я МухIаммад ﷺ, дуца хIисаб гьабилаан гьел рорчIун ругин абун, амма гьел кьижун руго.** Жидер берал рагьаралгIадин рукIун, жалги цо хьибилалдаса цоги хьибилалда сверулел рукIун. **Дица руго гьел сверизарулел цин кваранаб цинги квегIаб хьибилалда.**

وَتَحۡسَبُهُمۡ أَيۡقَاظٗا وَهُمۡ رُقُودٞۚ وَنُقَلِّبُهُمۡ
ذَاتَ ٱلۡيَمِينِ وَذَاتَ ٱلشِّمَالِۖ وَكَلۡبُهُم بَٰسِطٞ
ذِرَاعَيۡهِ بِٱلۡوَصِيدِۚ لَوِ ٱطَّلَعۡتَ عَلَيۡهِمۡ لَوَلَّيۡتَ
مِنۡهُمۡ فِرَارٗا وَلَمُلِئۡتَ مِنۡهُمۡ رُعۡبٗا ١٨

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: гьел гIолохъабазда тIад бакъ щолеб букIарабани, гьезие бакъалъ черх бухIун зарал гьабилаан. Аллагьас ﷻ жал цо хьибилалдаса цоги хьибилалда сверизарулел рукIинчIелани гьезул гьанги ракьалъ кваналаан-абун.

**Гьелгун цадахъ букIараб гьвейги нохъодул кIалтIа бегун буго, жинца квачIалги щвакун, гьезда тIад бетIерги лъун.** Жинца гьел гIолохъаби цIунун ругеб гIадин буго гьеб. **Мун гьезда тIаде ваккун вукIурав ани ва дуда гьезул хIалги бихьун букIараб ани, мун хIинкъун, мугъ бан лъутун ине вукIана. Ва мун цIакъ хIинкъизеги вукIана.** Гьезда тIад бугеб Аллагьасул ﷻ гьайбатаб нуралъ ва гьезул рорчIун ругел гIадамазул гIадаб хIалалъги, мун хIинкъизавизе

вукIана.

وَكَذَٰلِكَ بَعَثْنَٰهُمْ لِيَتَسَآءَلُوا۟ بَيْنَهُمْ
قَالَ قَآئِلٌ مِّنْهُمْ كَمْ لَبِثْتُمْ قَالُوا۟ لَبِثْنَا
يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ قَالُوا۟ رَبُّكُمْ أَعْلَمُ بِمَا
لَبِثْتُمْ فَٱبْعَثُوٓا۟ أَحَدَكُم بِوَرِقِكُمْ هَٰذِهِۦٓ
إِلَى ٱلْمَدِينَةِ فَلْيَنظُرْ أَيُّهَآ أَزْكَىٰ طَعَامًا
فَلْيَأْتِكُم بِرِزْقٍ مِّنْهُ وَلْيَتَلَطَّفْ وَلَا
يُشْعِرَنَّ بِكُمْ أَحَدًا ١٩

**19. Гьединго дица гьел гIолохъаби макьидаса рорчIизарун тIад рахъинаруна, гьел цоцазде гьикъардизе. Жидер цояс абуна: «КигIан мехгIаги бараб нилъеца гьаб бакIалда кьижун»- абун. Цогидаз абуна: «Нилъеца гьаниб цо къоялъул дагьаб заман бана, яги цо къо бан батила»- абун.**
Радал нохъода жанир лъугьун рукIиндал, гьеб нохъо бецIлъунги батидал, гьезда ракIалде ккана тIобараб къоялъ кьижун ратилин жал абун. Цинги хIисаб гьабидал бакъ жегиги тIерхьичIого батун цо къоялъул дагьаб заманалъ кьижун руго жал абун ракIалде ккана гьезда.
**Хадубги цояз абуна: Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **лъикI лъала нилъеца гьаниб кигIан замана бараблъи абун.** Цинги жидеца хабар къокъ гьабуна ва жидее квен ва лъим къваригIун букIин бичIун цоцаздехун абуна: **«Нилъер цояв ине ккела шагьаралде гьаб гIарацги босун, гьевги балагье бацIадаб, хIалалаб тIагIам щибдай бугоян абун ва гьеб ризкъиги босун нижехъе вачIа абе. Жив цIодорго вукIа абе гьеб шагьаралда лъугьунеб мехалъ ва тIад вуссун вачIунеб мехалъги, гьаб нилъ ругеб бакI лъидаго лъачIого букIине»- абун.**

إِنَّهُمْ إِن يَظْهَرُوا۟ عَلَيْكُمْ يَرْجُمُوكُمْ
أَوْ يُعِيدُوكُمْ فِى مِلَّتِهِمْ وَلَن
تُفْلِحُوٓا۟ إِذًا أَبَدًا ٢٠

**20. «Х1акълъунго Гьеб квешаб къавмалъе нуж ругеб бакI лъанани гьез нуж гамчIал речIун хвезаризе руго, яги жидер батIулаб диналде руссинаризе руго. Гьезул мурадги тIубан купру-ширкалда тIад рекъон чIани абадиялъго нужер талихI батизе гьечIо ва нужги бахьикъосараллъун лъугьине руго»- абун.**
Гьадин васиятал гьарун витIана гьез цояв квен-тIех босизе: гьев залимав ханасда жал ругеб бакI лъазе бокьичIого ва жидер диналдаса руссине бокьичIого.

وَكَذَٰلِكَ أَعْثَرْنَا عَلَيْهِمْ لِيَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ
وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَأَنَّ ٱلسَّاعَةَ لَا رَيْبَ فِيهَآ إِذْ
يَتَنَٰزَعُونَ بَيْنَهُمْ أَمْرَهُمْ فَقَالُوا۟ ٱبْنُوا۟

**21. Дица гьел гIолохъабазул амру загьир гьабун гьезда тIаде гIадамал раккизаруна: гьел гIадамазда лъазе къиямасеб къо букIин ва гьениб халкъ тIад бахъизабиги хIакъаб жиндилъ**

عَلَيْهِم بُنْيَٰنًا رَّبُّهُمْ أَعْلَمُ بِهِمْ قَالَ ٱلَّذِينَ غَلَبُوا۟ عَلَىٰٓ أَمْرِهِمْ لَنَتَّخِذَنَّ عَلَيْهِم مَّسْجِدًا ﴿٢١﴾

**щаклъи гьечlеб амру букIин.**
Лъабнусго соналъ кьижизарун щибго жидер чурхдузе заралги ккезе течIого гьел гIолохъаби тIад рахъизарурав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца г1адамал хун хадур тIад рахъинаризе кIолев букIин щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб амру буго.
**Гьел гIадамал цоцадехун гаргадараб мехалъ гьел гIолохъабазул амруялъул бицун: цояз абулеб букIана гьеб нохъодул кIалтIа кIудияб мина бай абун гьеб бакI хадусел гIадамаздаги лъазе. Цогидаз абулеб букIана: гьеб бакIалда масжид базе кколин, Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **лъик1 лъалин гьел гIолохъабазул хIал-абун. Жидер амру бергьараб къавмалъ абуна нижеца гьаб бакIалда масжид базе буго абун.** Гьез масжид бана, гьел гIемерал рукIиналъ гьезул рагIиги бергьана.

سَيَقُولُونَ ثَلَٰثَةٌ رَّابِعُهُمْ كَلْبُهُمْ وَيَقُولُونَ خَمْسَةٌ سَادِسُهُمْ كَلْبُهُمْ رَجْمًۢا بِٱلْغَيْبِ وَيَقُولُونَ سَبْعَةٌ وَثَامِنُهُمْ كَلْبُهُمْ قُل رَّبِّىٓ أَعْلَمُ بِعِدَّتِهِم مَّا يَعْلَمُهُمْ إِلَّا قَلِيلٌ فَلَا تُمَارِ فِيهِمْ إِلَّا مِرَآءً ظَٰهِرًا وَلَا تَسْتَفْتِ فِيهِم مِّنْهُمْ أَحَدًا ﴿٢٢﴾

**22. ГIемер заман гьоркьоб ун гьел гIолохъабазул бицен гьабун гIадамаз абизе буго: гьезул лъабго чи вукIана, ункъабилеб гьвейги букIана абун. Цоги гIадамаз абизе буго: гьезул щуго чи вукIана анлъабилеб гьвейги букIана»-абун.**
Гьаб рагIи жидеца абизе буго жидеда лъалареб жо бицун. Гьезул мисал буго жидеда бихьулареб жоялда гамачI рехулесда рельлъун. Нагагь гьеб гамачI гIужда щваниги гьев чиясул щибго гьунар бакIунаро, ва гьесие кьолеб къиматги букIунаро.
**Цоги гIадамаз абизе буго: гьел анкьго гIолохъанчи вукIана ва микьабилеб гьвейги букIана абун. Дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Дир БетIергьан Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **лъик1 лъала гьел гIолохъаби чан рукIаралали. Гьеб жо битIараб хIалалъ лъаларо дагьалго гIадамазда гурони»-абун.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеда х1акъаб жо лъазабурал гIадамал руго гьел. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: дун вуго гьел дагьал чагIаздаса, гьел анкьго гIолохъанчи рукIана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел рикIкIана анкьгоялда щвезегIан-абун.
ТIадегIанав Аллагьас нилъеда баян гьабулеб буго гьадинаб масъалаялъулъ нилъеца гьабизе кколеб жо ва хирияв аварагасда абулеб буго: **мун гьел китабиялгун къацандуге дуда лъалеб хIакъаб жо бицун гурони. Дуца гьел ягьудиязул цонигиясда гьикъуге гьел**

**асхIабул кагьфазул хIакъалъулъ.** Дица дуда вахIю гьабураб жо гIезе буго дуеги дур умматалъеги жинда мугъчIвай гьабизе ва жинда иман лъезе. Гьелдаса тIадехун щибго жо лъаларо гьел китабияздa. Жегиги гьез бицунеб жо гIемерисеб гьереси букIуна.

وَلَا تَقُولَنَّ لِشَاْيْءٍ إِنِّي فَاعِلٌ ذَٰلِكَ غَدًا ﴿٢٣﴾

**23. Дуца щибго жоялъул хIакъалъулъ абуге МухIаммад ﷺ: дица гьеб иш метер гьабизе бугин абун,**

إِلَّا أَن يَشَاءَ اللَّهُ وَاذْكُر رَّبَّكَ إِذَا نَسِيتَ وَقُلْ عَسَىٰ أَن يَهْدِيَنِ رَبِّي لِأَقْرَبَ مِنْ هَٰذَا رَشَدًا ﴿٢٤﴾

**24. Дуца гьеб рагIиялда цадахъ Инша-Аллагь абун гурони.**

Дудаса гьеб иш гьабун бажаричIони ва дуца Инша-Аллагьги абун букIинчIони мун вукIуна гьереси бицарав чиясда релълъун.

Дуца: «Инша-Аллагь» абураб мехалъ ва дудаса гьеб иш бажаричIеб мехалъ дуда гIайиб букIунаро, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадар букIун гьечIоха абизе рес букIуна.

**Цо къотIи гьабулеб мехалъ дуда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсезе кIочани дуда, дуца гьев рехсе дуда ракIалда щвараб мехалъ** ва кидаго мун АллагьасулТ1адегIанлъи ва Къудрат ракIалда ч1чIезабун хьваде. **Ва дуцаги дурго напсалда абе: Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божи буго дир, гьес дун жегиги битIараб нухда тIовитIилин абун.** Дир диналъеги дунялалъеги маслахIат бугеб жо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала ва гьес дун гьеб маслахIаталда тIовитIизе вуго абун.

وَلَبِثُوا فِي كَهْفِهِمْ ثَلَاثَ مِائَةٍ سِنِينَ وَازْدَادُوا تِسْعًا ﴿٢٥﴾

**25. Гьел гIолохъаби нохъоялда жанир кьижун рукIана лъабнусго соналъ. Гьелда тIадеги ичIго соналъ.**

Гьаб рагIиялъул тафсир гьабурал гIалимзаби хилиплъун руго гьаб ичIго сон щиб бугеб абун. Цо гIалимзабаца абуна: гьеб буго моцIрол хIисабалда сонал рикIкIараб мехалъ бакъул хIисабалда рикIкIараб лъабнусго соналда тIаде бачIараб ичIго сон абун. Цоги гIалимаз абуна гьеб буго гIарабиязул мацIалъул къагIида ва жидеца гьедин абула жидер шигIруялъулъ ва хабаралъулъ абун. (ай лъабнусгоги ичIгоги абун). Цо гIалимас абуна: лъабнусго сон кьижун бадалго гьел тIаде рахъинаруна ва гьелдаса хадубги гьеб нохъода жанир жал чIаго рукIана ичIго соналъ релъеда-къад чIечIого Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулел абун.

قُلِ اللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا لَبِثُوا لَهُ غَيْبُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ أَبْصِرْ بِهِ وَأَسْمِعْ مَا لَهُم مِّن

**26. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала хIакъикъаталда чам сон гьел гIолохъабаца гьеб нохъода**

دُونِهِۦ مِن وَلِيّٖ وَلَا يُشۡرِكُ فِي حُكۡمِهِۦٓ أَحَدٗا ٢٦

**бараб. ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялъулъ буго ва гьесда кодоб буго зобал-ракьазда жаниб бугеб балъгояб жоялъул лъайи»-абун. Гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кинабго жо бихьиялъул гIажаибаб хIал буго ва гьесда кинабго жо рагIиги цIакъ гIажаибаб хIалалъ буго.**

Гьев Аллагьасда киналго балъгоял умуралги загьиралго гIадин лъала ва гьесул лъаялъе гIорхъи-рахъ гьечIо. **Гьаб кинабго халкъалъе гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев цоги вали гьечIо.** Ва квербакъулев чиги гьечIо. **Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинца гьабулеб хIукму-къадаралъулъ щивго чи гIахьал гьавуларо.** Гьесда релълъарав ва гьесдаващадав щивго чи гьечIо. Ва жиндир махлукъаталъул тадбир гьабиялъулъ жив щибго жоялда хIажалъуларев вуго.

Гьаб бакIалда асхIабул кагьфазул къиса тIубана.

وَٱتۡلُ مَآ أُوحِيَ إِلَيۡكَ مِن كِتَابِ رَبِّكَۖ لَا مُبَدِّلَ لِكَلِمَٰتِهِۦ وَلَن تَجِدَ مِن دُونِهِۦ مُلۡتَحَدٗا ٢٧

**27. Дуца цIале МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дица дуда вахIю гьабураб Къуръан. Гьеб буго щивго чиясда жиб хисизабизе кIолареб. Дуда гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев цоги щивго ватизе гьечIо жинда мугъчIвазе бегьулев ва жиндихъе кIанцIизе бегьулев.**

وَٱصۡبِرۡ نَفۡسَكَ مَعَ ٱلَّذِينَ يَدۡعُونَ رَبَّهُم بِٱلۡغَدَوٰةِ وَٱلۡعَشِيِّ يُرِيدُونَ وَجۡهَهُۥۖ وَلَا تَعۡدُ عَيۡنَاكَ عَنۡهُمۡ تُرِيدُ زِينَةَ ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۖ وَلَا تُطِعۡ مَنۡ أَغۡفَلۡنَا قَلۡبَهُۥ عَن ذِكۡرِنَا وَٱتَّبَعَ هَوَىٰهُ وَكَانَ أَمۡرُهُۥ فُرُطٗا ٢٨

**28. Дуца сабру гьабе радалги, къасиги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялда тIадчIей гьабурал муъминзабигун цадахъ ч1чIун, гьел гIадамал руго жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулел. Мун гьездаса вуссуге, гьел мискинал гIадамал ругин абун ва мун валагьуге жидер къадро ва бечелъи бугел гIадамазда, гьелгун цадахъ гIодов ч1чIезе бокьун ва гьезул къадро кIодолъи, хиралъи берцин бихьун.**

**Мун мутIигIлъуге дица жиндир ракIалда тIад кIул барав чиясул хабаралда. Жиндир рекIелъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъаялъул нур лъугьунарев, жинца гьевги рехсоларев ва дунялалъул бечелъиялъ Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялдаса жив машгъул гьавурав.** Жиндирго черхалъе бокьараб жоялда нахъвилълъарав, гьава-напсалъул мурадал тIуразарун хьвадулев **ва жиндир амруялъул ахирги гIадада хвейлъун, жив гьалаглъилъун бугев.** Жив вуссунеб бак1ги жужахIалъул цIа бугев. (суратул агIрафалда бугеб 176 аяталъул таржамаялда валагье, дагьабги гIатIидаб бахIс буго гьениб).

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: ГIуйайнат ибну ХIасан абулев къурайшияв ва гьесул гьалмагъзаби рачIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе гьесда аскIор гIодор чIун Билал асхIаб, Ссугьайб асхIаб, ГIаммар асхIаб ва цогидалги мискинал муъминзаби ругеб мехалъ. Гьезда гьоркьов Салманул Париси асхIабги вукIана, жинда тIад басрияб, гIетIул махI бугеб горде ретIарав.

ГIуяйнатица абуна: «Дуда гьал гIадамазул махI рихунарищ? Ниж руго музариязул хириял гIадамал, нижеца иман лъун ниж дуда нахърилълъани цогидал гIадамалги дуда мутIигIлъула. Нижеца иман лъезе букIана гьал пакъирзаби дуда сверухъ рукIинчIелани. Дуца гьел аскIосан рикIкIад гьаруни ниж дуда аскIор ч1чIела. Яги дуца нижгун гIодов ч1чIолеб бакI батIияб гьабе»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракIалда хъатIидалго гьел музарияз иман лъезе бокьун, гьелгун гIодов ч1чIолеб цоги батIияб бакI гьабун лъикI абун, ТIадегIанав Аллагьас гьаб цебе рехсараб аят рещтIинабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагас абуна: *«АлхIамдулиллагь, даимаб щукру-рецц Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *буго, жинца дир умматалдаса цо къокъа гьабурав дица жидеда аскIов ч1чIун сабру гьабеян Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *дида амру гьабураб»*-абун. Х1адис Т1абаранияс бицана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кидаго жиндир ракIалъе дунял бокьулев, яги гьел чIухIарал гIадамазулгун мажлис гьабизе бокьулев вукIинчIо. Гьесул хьул лъураб жо букIана гьел гIадамаз иман лъуни гьезда хадур ругел гIадамазги иман лъелин абун. ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ амру гьабуна гьел мискинал муъминзабаздаса вуссун гьал чIухIарал, дунял бокьарал гIадамаздехун мун валагьуге абун.

Гьаб аяталда жаниб Аллагьасул диналда халкъ ахIулел гIадамазе цIакъ кIудияб вагIза буго ва гьезие гIакъло босизе хIужа буго: жинца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ахIулев чиясда ракIалда ккезе бегьуларо жиндир тадбиралдалъун, жиндир гIакълу-гьунаралдалъун гIадамал иман исламалда тIоритIизе кIолин жинда абун. Гьев дагIват чиясда бичIчIизе ккола иманалда тIоритIи ТIадегIанав Аллагьасул иш букIин. Жиндир азалияб гIелмуялъулъ бахьи бугеллъун ругел гIадамал тIоритIула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб исламияб нухда. Ханзаби, хIакимзаби, бечедал ва чIухIарал гIадамал иманалда рачIанин абун гьезда хадур ругел гIадамал иманалда рачIунаро. Иман лъей, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъай ва гьесие мутIигIлъи буго щивав инсанасул рекIелъ бугеб жо.

ДагIват чиясда тIадаб жо буго Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, гьесги гьесул расуласги амру гьабураб хIалалъ вагIза-насихIат гьабун, хIужа-далил бицун гIадамал исламияб диналда ахIи, гьезда цохIо Аллагьасе ﷻ гурони гIибадат гьабизе бегьунгутIи бичIч1изаби. Гьеб дагIваталъулъ батIалъи гьабизе бегьуларо гIадамазул дунялияб къадро къимат хIисаб гьабун, гьезул халкъалда гьоркьоб бугеб даража-макъам хал гьабунги.

وَقُلِ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكُمْ ۖ فَمَن شَآءَ فَلْيُؤْمِن وَمَن شَآءَ فَلْيَكْفُرْ ۚ إِنَّآ أَعْتَدْنَا لِلظَّٰلِمِينَ نَارًا أَحَاطَ بِهِمْ سُرَادِقُهَا ۚ وَإِن يَسْتَغِيثُوا۟ يُغَاثُوا۟ بِمَآءٍ كَٱلْمُهْلِ يَشْوِى ٱلْوُجُوهَ ۚ بِئْسَ ٱلشَّرَابُ وَسَآءَتْ مُرْتَفَقًا ﴿٢٩﴾

**29. Дуца гьел дунял бокьарал ва чIухIи рецц рекIелъ бугел гIадамазда абе: «Нужер БетIергьан Аллагьас хIакъаб дин загьир гьабун буго. Жидее бокьарал гIадамал исламияб диналде рачIа абе, жидее бокьарал жидерго купру-ширкалда чIа абе. Х1акълъунго Аллагьасда ﷻ гIасилъарал, гьесул нигIматазда инкар ккурал, гьесул Къуръанги аварагги гьереси гьарун, жидеца напсазе зулму гьабун хьвадарал гIадамазе дица жужахIалъул цIа хIадурун буго. Гьеб цIадул сангар жидеда сверун лъугьунеб буго.**

**Гьез гьекъезе лъим тIалаб гьабураб мехалъ гьезие лъим гIадаб жо босун бачIуна. Жиндир бухIи бергьараб: гьалдолеб нах гIадаб, яги биине гьабураб тIухьи гIадаб. Жиб гьекъезе абун гьумералда аскIоб гIагар гьабураб мехалъ жинца гьурмал рухIизарун гьезул гьан бежулеб.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьеб лъим буго гьалдолеб нахул аххакь гIадаб жо (аххакь-гъоркье хутIараб жо) жиб гьумералда гIагар гьабурабго гьумералъул хъал ва гьан гьеб лъималда жаниб бортун унеб»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана. Аллагьас цIунаги гьеб жужахIалъул цIаялдаса.

**ЦIакъ квешаб гьекъолеб жо бугоха гьеб бухIараб гьекъолеб жо ва цIакъ квешаб руссунеб бакI ва жанир чIолеб бакI буго гьеб жагьаннама.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ إِنَّا لَا نُضِيعُ أَجْرَ مَنْ أَحْسَنَ عَمَلًا ﴿٣٠﴾

**30. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъун, гьесул расуласда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе дица гьезул ажро-кириялдаса щибго жо гIадада хвезабуларо.**

Аллагьасе ﷻ гьабулеб гIибадат бацIцIад гьабурал, гьеб купру-ширкалдаса гIицIц1 гьабурал гIадамазе дица ажро гIемерго

цІик1кІизабула.

**31. Гьал муъминзаби руго жидее ахираталда алжанал хІадурун ругел. Жал даимго гьел алжаназда жанир рукІунел, гьел алжаназда жаниса батІи-батІиял нигІматазул гІоралги чвахула. Гьезда тІад кинаб бокьаниги багьа тІадегІанал жалазул курхьин-кІиликІ бан букІуна. Жидеда тІад гІурчинаб кьералъул алжаналъул ретІелги ретІун букІула; биццатаб ва тІеренаб дарай-сундусалъул жиб гьабураб. Гьел алжаназул ахазулъ, жидер кІалгІабазул рагъабазда, тахазда гІодор чІун ва хьибил чІван рукІуна муъминзаби. ЦІакъ лъикІаб ажро кири бугоха Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан гьал муъминзабазе ва ц1акъ берцинаб руссунеб бакІги, жиндаса лазат босулеб бакІги бугоха гьеб алжан.**

أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمْ جَنَّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهِمُ ٱلْأَنْهَٰرُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ مِن ذَهَبٍ وَيَلْبَسُونَ ثِيَابًا خُضْرًا مِّن سُندُسٍ وَإِسْتَبْرَقٍ مُّتَّكِـِٔينَ فِيهَا عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ ۚ نِعْمَ ٱلثَّوَابُ وَحَسُنَتْ مُرْتَفَقًا ﴿٣١﴾

**32. Дуца гьел мискинал муъминзаби дуда аскІор тоге абулел мушриказе мисал баче МухІаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ кІиго чиясул.**

۞ وَٱضْرِبْ لَهُم مَّثَلًا رَّجُلَيْنِ جَعَلْنَا لِأَحَدِهِمَا جَنَّتَيْنِ مِنْ أَعْنَٰبٍ وَحَفَفْنَٰهُمَا بِنَخْلٍ وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمَا زَرْعًا ﴿٣٢﴾

Тафсиралъул гІалимзабаца абуна: гьав кІиго чи бануисраилазул кІиго вацц вуго, цояв жинца иман лъурав, цогидав иман лъечІев. Гьав кІиясего эменги хун ирсалъе гІемераб боцІи-мал щвана. Гьев капурав вацас гьеб малалъухъ кІиго ах босана. Муъминав вацас жиндие щвараб боцІи садакъаде бикьана ва живги Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гІибадат гьабиялда тІад ч1чІана.

Цинги дов цояв вацас гьасда рогьоб бана мун мискинчи вугин абун. ТІадегІанав Аллагьас жиндир кІиябго ахги гьалаг гьабун, щибго жо гьабизе гьунарги гьечІого, кверал кІорокІулев хутІана гьев капурав вац. Гьаб мисал буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гІибадат гьабулев муъминчиясеги, жиндир боцІи-малалдаса чІухІарав капур чиясеги бачараб мисал.

ТІадегІанав Аллагьас абулеб буго: **Дица гьев кІиясулго цоясе гьабуна цІолбол кІиго ах, жинда жаниб батІи-батІияб тайпаялъул гьуинаб ва лазатаб цІибил бижулеб. Гьеб кІиябго ахалда сверухъ чамастакил гъутІбиги гьаруна гьел ахазда гьоркьоб бекьулеб хурги гьабуна.** Гьениб жаниб чваххун унеб лъимги букІана. Инсанасе букІине бокьулеб ва гьесул жинда ракІ

гъолеб берцинаб ах-хур буго гьеб.

كِلْتَا الْجَنَّتَيْنِ آتَتْ أُكُلَهَا وَلَمْ تَظْلِمْ مِنْهُ شَيْئًا ۚ وَفَجَّرْنَا خِلَالَهُمَا نَهَرًا ﴿٣٣﴾

**33. Гьеб кIиябго ахалъ щибго гъветI гьоркьоб хутIичIого лъикIаб, бечедаб пихъги кьолеб букIана, гьеб лъалъазе даимго чвахxулеб лъимги букIана.**

وَكَانَ لَهُ ثَمَرٌ فَقَالَ لِصَاحِبِهِ وَهُوَ يُحَاوِرُهُ أَنَا أَكْثَرُ مِنْكَ مَالًا وَأَعَزُّ نَفَرًا ﴿٣٤﴾

**34. Гьев капурав вацасе гIемераб пихъги букIана:** цIибил букIана батIи-батIияб тайпаялъул, чамастакги букIана, хуриб бижулеб тIорщел ва бахча бакIана. **Цинги гьес жиндир гьалмагъасда абуна, жив гьесда данде чIухIун кIалъалевлъун вукIун: «Дун дудаса бечедавги вуго, дир гьудулзабиги гIемер руго, дие хъулухъ гьабулел гъарабащалги гIемер руго»-абун.**

وَدَخَلَ جَنَّتَهُ وَهُوَ ظَالِمٌ لِنَفْسِهِ قَالَ مَا أَظُنُّ أَنْ تَبِيدَ هَٰذِهِ أَبَدًا ﴿٣٥﴾

**35. Цинги гьев жиндирго ахикь жанив лъугьана** квер ккун цадахъ вацги вачун ва гьесда жиндир ах-хур бихьизабизе лъугьана. **Гьелдалъун вохун, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щукру-рецц гьабичIого гьев жиндирго напсалъе зулму гьабулевлъунги вукIана.**

Гьеб ах-хур бижизе гьабурав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьеб гьалаг гьабизе кIолеблъиялъул щибго пикру гьабулеб букIинчIо. Гьанже жинца гьеб пихъ ва хур бакIаризе мех щун бугин, жиндие гIемераб хайир щолин абун пикрабазда вукIана. **Ва гьесги абуна: «Дида ракIалда кколаро кидаго гьаб нигIмат дида тIаса инин абун.**

وَمَا أَظُنُّ السَّاعَةَ قَائِمَةً وَلَئِنْ رُدِدْتُ إِلَىٰ رَبِّي لَأَجِدَنَّ خَيْرًا مِنْهَا مُنْقَلَبًا ﴿٣٦﴾

**36. «Дида ракIалда кколаро къиямасеб къо чIелин абун ва ахиратги, хIисаб-мизанги букIилин абун. Нагагь гьеб ахиратги букIун дун дир бетIергьанасухъе вуссинавизе ватаниги, гьенибги дие гьаб дунялалда бугелдасаги лъикIаб магIишат ва бечелъи букIине буго»-абун.**

Дие дунялалда кьун бугелъул гьаб бечелъи, дун гьеб кьезе мустахIикъав вукIун ва дун хирияв вукIун. Ахираталда дие жегиги лъикI кьезе ккола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб бечелъи ва хиралъи абун.

قَالَ لَهُ صَاحِبُهُ وَهُوَ يُحَاوِرُهُ أَكَفَرْتَ بِالَّذِي خَلَقَكَ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ سَوَّاكَ رَجُلًا ﴿٣٧﴾

**37. Гьесдехун жиндир муъминав вацас абуна,** гьев кантIизе бокьун ва гьес иман лъелародай абун: **«Дуца инкар кколебищ бугеб жинца мун ракьалдаса вижарав Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ. Дур тIоцевесев

эмен Адам ракьалдаса вижун. **Цинги мун вижарав манидал къат1раялдаса ва мун гьадинав сахав, берцинав, лугби рекъарав, гIакъло-лъай бугев инсанлъун гьавурав.**

Дуда кин бичIулареб дур бетIергьан Аллагь ﷻ вукIин, кинабго жоялда жиндир хIалкIолъи гIаммав, гьаб берцинаб ах-хур дуе кьурав ва гьеб дудаса нахъе босизеги кIолев.

لَّٰكِنَّا۠ هُوَ ٱللَّهُ رَبِّي وَلَآ أُشۡرِكُ بِرَبِّيٓ أَحَدٗا ٣٨

**38. Кинниги дун ракI-ракIалъ божарав вуго дир БетIергьан Аллагь вукIиналда: жинца дун вижарав ва жинца дун хьихьулев, дица жиндие гIибадат гьабизе тIадав. Дица гьев Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабула ва гьеб гIибадаталъулъ дица гьесде щибго жо гIахьалги гьабуларо.**

وَلَوۡلَآ إِذۡ دَخَلۡتَ جَنَّتَكَ قُلۡتَ مَا شَآءَ ٱللَّهُ لَا قُوَّةَ إِلَّا بِٱللَّهِۚ إِن تَرَنِ أَنَا۠ أَقَلَّ مِنكَ مَالٗا وَوَلَدٗا ٣٩

**39. Дуца гьаб ахикь жанив лъугьунеб мехалъ абун букIарабани: «МашаАллагь! ЦIакъ берцинаб, бечедаб ах кьун бугоха Аллагьас ﷻ дие. Гьаб ах бижизабизе, гьадинаб бечедаб пихъ гьениб бижизабизеги хIал кIоларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони»-абун.**

Гьеб букIана дуе лъикIаб ва дуца абизе рекъараб. Гьев Аллагь ﷻ вуго кинабго ишалда нилъер хIал кIвезе гьабулев, гIибадат гьабизеги гьесул тавпикъ букIун гурони хIал кIоларо ва Аллагь ﷻ цо гьавиги гьесулго тIоритIелалдалъун букIуна.

ГIалимзабаз абуна: цо жив гIажаиблъизе гьавураб амру бихьараб мехалъ гьев чияс абизе рекъараб буго: «Маша Аллагьу ва ла хIавла ва ла къуввата илла би Ллагь»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьас цо лагъасе нигIмат кьураб мехалъ: хъизан бугониги, вас вугониги, боцIи-мал бугониги, цинги жинцаги абураб мехалъ: «Маша Аллагьу ла къувата илла би Ллагь»-абун, гьев чиясул нигIматазда тIад балагь-къварилъи бачIунаро жив хвезегIан»*-абун. Х1адис абу Яг1лаца бицана.

**Дуда дун вихьулев ватани боцIиги, васалги дагьавлъун:**

فَعَسَىٰ رَبِّيٓ أَن يُؤۡتِيَنِ خَيۡرٗا مِّن جَنَّتِكَ وَيُرۡسِلَ عَلَيۡهَا حُسۡبَانٗا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ فَتُصۡبِحَ صَعِيدٗا زَلَقًا ٤٠

**40. Дир божи буго дир бетIергьан Аллагьасда ﷻ гьес дие гьаб дуралдасаги лъакIаб ах-хур кьелин абун. Гьаб дур ахалда тIадги Аллагьас ﷻ зодисан цо балагь биччалин ва гьаб бакI тIад рахъун ч1чIезе кIолареб цIвакараб къоно гIадин**

**гьабилин абун.** Жиндие бокьани гьеб гьабизе кIолев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.

**41. Яги гьеб дур ахикь бугеб лъим тIагIун ракьулъе ине бегьула, цинги дуда гьеб лълъим тIалаб гьабизе ва батизабизе кIоларо.**

أَوْ يُصْبِحَ مَآؤُهَا غَوْرًا فَلَن تَسْتَطِيعَ لَهُۥ طَلَبًا ﴿٤١﴾

Муъминав вацас Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIал кIолъиялъе мисалал рачана, гьев цо вукIиналда ва жиндие гIибадат гьабизе тIадав вукIиналда т1орит1ел гьабулел далилалги рицана. Амма гьесул вацасе гьеб вагIзаялъ асар гьабичIо, гьесул чIухIиги тIаса инчIо, ахIмакълъиги жегиги цIикIкIана.

**42. Гьесул пихъ барщараб ахалда тIаде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир балагь биччана ва гьеб кIалагъоркье сверун, щибго жиндаса мунпагIат босизе бегьулареб хIалалде сверана. Гьенив эхетун, цоялда цояб хъат кьабун, чара тIагIун зигардулев гьеб ахил бетIергьанги хутIана: жинца гьелъухъ кьун букIараб боцIималги ракIалда щвана гьесда.**

وَأُحِيطَ بِثَمَرِهِۦ فَأَصْبَحَ يُقَلِّبُ كَفَّيْهِ عَلَىٰ مَآ أَنفَقَ فِيهَا وَهِىَ خَاوِيَةٌ عَلَىٰ عُرُوشِهَا وَيَقُولُ يَٰلَيْتَنِى لَمْ أُشْرِكْ بِرَبِّىٓ أَحَدًا ﴿٤٢﴾

Гьениб гьабун букIараб хIалтIиги ракIалда щвана, жиндие гьеб ахикьан бачIине букIараб бечедаб бачIинги, гьелдалъун жинца гьабизе букIараб аваданаб яшавги ракIалда щвана. Ахирги гьесда бичIчIана гьеб балагь жинда тIаде бачIараблъи Т1адег1анав Аллагьасда гIасилъи сабаблъун. **Ва цинги гьес абуна: «Вай дие бугеб къварилъи! Дица Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ щибго жо гIахьал гьабун ширк гьабун букIинчIебани»-абун.** Гьев пашманлъана гьеб пашманлъиялъ жиндие мунпагIат гьабулареб гIужалъ.

**43. Гьесие квербакъулеб цониги къокъаги букIинчIо Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб жиндаса нахъчIвалеб. Гьесда жиндагоги щибго жо гьабизе кIвечIо жиндир ах-хур Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьалаг гьабураб мехалъ. Гьесда данде вахъун, гьесдаса рецIел босизе к1веч1о.**

وَلَمْ تَكُن لَّهُۥ فِئَةٌ يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مُنتَصِرًا ﴿٤٣﴾

Гьесие кумек гьабичIо жив жидедаса чIухIун вукIарал васалазги, гIагарлъиялъги, гIарац меседалъги.

Я гьав инсан! ТIадегIанав Аллагьас мун кантIизе бокьун гьаб хирияб Къуръаналда жаниб цIакъ гIемерал къиссаби рицунел руго, мисалалги рачунел руго: дуца пикруго гьабулеб бугищ? Дуца дур напс гьаб Къуръаналда рехсарал лъикIалги квешалги гIадамазул бакIалда

лъолеб бугищ? Гьаб хирияб Къуръан Аллагьас ﷻ рештIинабун буго жинца гIадамал тIоритIулеблъун, гьелъ тIоритIулел гIадамалги жидеца гьелъул вагIза босулел гIадамал руго. Гьаб жо бичIчIа инсан ва гьаб Къуръаналъ тIоритIараздаса вукIине яхI бахъе! Къуръаналъ жиндие лагIнат кьолев чи вуго жинца гьеб цIалулев амма гьелъул вагIза босуларев ва гьелда гIамал гьабуларев. Гьев чилъун мунго вук1иналдаса ц1уне.

**44. Гьадинаб хIалалда ккараб мехалъ.** هُنَالِكَ ٱلْوَلَٰيَةُ لِلَّهِ ٱلْحَقِّ هُوَ خَيْرٌ ثَوَابًا وَخَيْرٌ عُقْبًا ﴿٤٤﴾
Цо гIазаб гьабизе Аллагьасул ﷻ амру тIаде щвараб мехалъ **кинабго ихтияр Аллагьасда ﷻ кодоб букIуна.**

Гьес жиндие бокьарал гIадамазе квербакъи гьабула ва жиндие бокьаразе гIазабги гьабула. Гьев Аллагьасул ﷻ хIукму къадар хисизабизе кIолев ва гьесда данде ч1чIезе кIолев щивго чи вукIунаро. **Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе дунялалъул рукъоб лъикIлъи гьабулев ва гьезие ахираталдаги алжаназул нигIматал хIадурун руго.**

**45. Цоги дуца гьел гIадамазе мисал баче МухIаммад ﷺ, гьаб дунялалъул чIаголъиялъул: зодисан рештIунеб цIадалда релълъун буго гьеб. Гьеб цIадалдалъун ракьалда батIи-батIияб, берцинаб хер-тIегьги бижараб.** وَٱضْرِبْ لَهُم مَّثَلَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا كَمَآءٍ أَنزَلْنَٰهُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ فَٱخْتَلَطَ بِهِۦ نَبَاتُ ٱلْأَرْضِ فَأَصْبَحَ هَشِيمًا تَذْرُوهُ ٱلرِّيَٰحُ ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ مُّقْتَدِرًا ﴿٤٥﴾

Бищунго берцинлъун жинца бер боххизабулеблъун лъугьараб мехалъ **жиб бухIун, бакъван гIодобе араб ва гьороца рахърахъалда бачун унеб харил сумаллъун лъугьараб. ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.**

Цо щиб бугониги жо берцинлъун ва камиллъун бихьараб мехалъ гьеб даимго букIунареблъи, гьеб нахъ буссулеблъи ва тIаса унеблъи лъазе ккола. НигIматазда щукру гьабиги, балагьазда сабро гьабиги кидаго чорхолъ куцан ч1чIезабизе ккола. НигIматал кьураб мехалъ Аллагь ﷻ кIочон, балагь бачIараб мехалъ гьев ракIалде щун рукIин муъминзабазул сипат гьечIо.

**46. Кинабго боцIи-малги, лъимал-хъизанги гьаб дунялалъул берцинлъиялдаса жо буго.** ٱلْمَالُ وَٱلْبَنُونَ زِينَةُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَٱلْبَٰقِيَٰتُ ٱلصَّٰلِحَٰتُ خَيْرٌ عِندَ رَبِّكَ ثَوَابًا وَخَيْرٌ أَمَلًا ﴿٤٦﴾
Гьелдалъун вохаравги жагьилав чи вуго,

гьелда мугъчIвай гьабуравги ахIмакъав чи вуго. **Жиндир лъикIлъи ва жинда данде гьабулеб жазаъ абадиялъго тIаса унареб Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун гьабураб лъикIаб гIамал буго дур БетIергьан Аллагьасда ﷻ аскIоб батизе лъикIаб ва жиндир ажро кириги гIемераб.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: гьаб аяталда жаниб рехсараб жиб нахъе хутIулеб лъикIлъи кколин щибаб къойил балеб паризаяб щуго как. Гьел какал гIужда ран, жамагIаталда ран, гьезул рукну, шартI тIубазабун рараб мехалъ, гьеб буго ахираталда жиндие батулеб бищунго лъикIаб гIамал. Гьеб какалда релълъун буго Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабураб кинабго лъикIаб гIамал: рагIи бугониги, гIамал бугониги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: жиб нахъе хутIулеб лъикIлъи

*«СубхIана Ллагьи валхIамду-лиллагьи, валаилагьа иллаллагь, валлагьу-акбар абураб рагIи буго»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Гьаб рагIиялъул магIна буго жиб кьурав Аллагьасе ﷻ щукру гьечIеб, гьев разияб нухда харж гьабулареб дунялалъул боцIиялдаса щибго мунпагIат гьечIо ахираталъе. Гьединаб гIемераб боцIи-мал лъимал-хъизаналдасаги жиндие ахираталъе лъикIлъилъун батулеб жо буго Аллагь ﷻ рехсей, гьесул махлукъалъул пикру гьаби. Цогидаб кинабго лъикIаб гIамал: паризаяб бугониги суннатаб бугониги, гьеб ахираталда батулеб букIин ва гьелда данде Аллагьас ﷻ гIемерго цIик1кIараб ва лъикIаб жазаъ гьабизе букIин хIакъаб жо буго.

وَيَوْمَ نُسَيِّرُ ٱلْجِبَالَ وَتَرَى ٱلْأَرْضَ بَارِزَةً وَحَشَرْنَٰهُمْ فَلَمْ نُغَادِرْ مِنْهُمْ أَحَدًا ﴿٤٧﴾

**47. Жегиги дуца умматалъе вагIзалъун бице МухIаммад къиямасеб къоялъул хабар. Дица мугIрул жал ругеб бакIалдаса ине гьарулеб: самараб квас гIадин гьарщун гIодоре ун гьел мугIрул ракьалда тIад тIиритIулеб. Дица ракьги гьабулеб ц1цIан битIараб майданлъун:** гохI щобги гьечIеб, лъарал гIоралги гьечIеб, кивехун валагьаниги жиндир ахир гьечIеб майданлъун бихьулеб. **Дица гьаб ракьалда тIад букIараб кинабго халкъ тIадги бахъинабун, цохIо чи нахъе течIого гьеб майданалда данде гьарулеб.**

وَعُرِضُوا۟ عَلَىٰ رَبِّكَ صَفًّا لَّقَدْ جِئْتُمُونَا كَمَا خَلَقْنَٰكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍۭ ۚ بَلْ زَعَمْتُمْ أَلَّن نَّجْعَلَ لَكُم مَّوْعِدًا ﴿٤٨﴾

**48. Цинги гьеб кинабго халкъ дур БетIергьан Аллагьасда цере мухъал гьарун чIезе гьарулеб къо рехсе МухIаммад ﷺ, дуца умматалъе вагIзалъун. Гьездахун хитIаб гьабун**

**Аллагьас ﷻ абула: «Гьанже нуж дида цере рачIанаха дица нуж тIоцерего рижараб хIалалъ.**
ТIад ретIел гьечIого, цадахъ боцIи-мал ва хъизан-лъималги гьечIого. **Нуж дунялалда рукIадго кIалъалел рукIана гьаб къо букIине гьечIин, хIисаб-мизанги алжан-жужахIги букIине гьечIин»-абун.**

وَوُضِعَ ٱلۡكِتَٰبُ فَتَرَى ٱلۡمُجۡرِمِينَ مُشۡفِقِينَ
مِمَّا فِيهِ وَيَقُولُونَ يَٰوَيۡلَتَنَا مَالِ هَٰذَا
ٱلۡكِتَٰبِ لَا يُغَادِرُ صَغِيرَةٗ وَلَا كَبِيرَةً إِلَّآ
أَحۡصَىٰهَاۚ وَوَجَدُواْ مَا عَمِلُواْ حَاضِرٗاۗ وَلَا
يَظۡلِمُ رَبُّكَ أَحَدٗا ٤٩

**49. Гьеб халкъалъул гIамал хъварал кагъталги жидеда цере росун рачIуна. Цинги дуда жидеца мунагьал гьарураб къавм бихьила гьеб кагъталда тIад бугеб жоялдаса жал хIинкъун. Жидеца гьарурал мунагьал гьенир хъван ратидал гьез абула: «Вай нижее бугеб къварилъи, нижер гьалаглъи!**
Дунялалда рукIадго нижеца цIакъ кIудияб кIарчанлъи ва тохлъи гьабун бугоха! **Гьаб гIамал хъвараб кагъаталъги щибго жо гъоркь тун гьечIо. ГьитIинаб букIаниги, кIудияб букIаниги мунагь гьениб жаниб хъван буго»-абун.**
**Гьедин жидер кинабго гIамал батула кагъаталда тIад хъван ва мухIкан гьабун цIунун. Дур БетIергьан Аллагьас ﷻ цониги чиясе зулмуги гьабуларо.** Мунагь гьечIого гIазаб гьабуларо, лъикIаб гIамалалъул ажроги мукъсан гьабуларо.

وَإِذۡ قُلۡنَا لِلۡمَلَٰٓئِكَةِ ٱسۡجُدُواْ لِأٓدَمَ فَسَجَدُوٓاْ
إِلَّآ إِبۡلِيسَ كَانَ مِنَ ٱلۡجِنِّ فَفَسَقَ عَنۡ أَمۡرِ رَبِّهِۦٓۗ
أَفَتَتَّخِذُونَهُۥ وَذُرِّيَّتَهُۥٓ أَوۡلِيَآءَ مِن دُونِي وَهُمۡ
لَكُمۡ عَدُوُّۢۚ بِئۡسَ لِلظَّٰلِمِينَ بَدَلٗا ٥٠

**50. Дица малаикзабазда абураб гIужги рехсе МухIаммад ﷺ, нужеца Адамие сужда гьабе абун. Гьел малаикзабаца сужда гьабуна. Амма иблисалъ сужда гьабичIо. Гьеб иблис женазул кIудияб букIана. Аллагьасул ﷻ амруялда мутIигIлъичIого пасикълъана гьеб иблис.** Ва Аллагьас ﷻ жиндир рахIматалдаса рикIкIадги гьабуна. **Дунги живго тун гьаб иблисги ва гьелъул наслолъун ругел щайтIабигийищ нужеца гьудулзабилъун кколел, я Адамил лъимал?**
Нужеца гьезие лагълъийищ гьабулеб, **гьел нужее тущманзабиги рукIадго?** Нужер кIудияв эмен Адам вижараб къоялдаса байбихьун нужеда тушманлъи лъазабураб, нуж къосизарилин абун гьедараб щайтIан кин нужеца гьудуллъун кколеб ва нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев дун кин кIочон толев? **ЦIакъ квешаб жо бугоха гьал**

**зулмучагIаца хIакъаб диналъухъ хисун босараб.**

مَّآ أَشۡهَدتُّهُمۡ خَلۡقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ
وَلَا خَلۡقَ أَنفُسِهِمۡ وَمَا كُنتُ مُتَّخِذَ ٱلۡمُضِلِّينَ
عَضُدٗا ٥١

**51. Дица зобал-ракьал рижулеб мехалъ гьел щайтIаби аскIор ч1чIезарун рукIинчIо. Гьезул жидерго напсал рижулеб мехалъги гьел цоял-цоязда ралагьун гьеб иш бихьулеллъун рукIинчIо.**

Гьел щайтIаби дица бижараб махлукъ буго нуж рижараб гIадинго, гьезда щибго жо гьабизе кIоларо дир изнуялдалъун гурони. **Дица гьел щайтIаби кумекчагIилъунги гьарун рукIинчIо, зобал-ракьал рижулеб мехалъ.** Нуж кин гьел щайтIабазе мутIигIлъулел нужер БетIергьанлъун вугев дида мутIигIлъичIого?

وَيَوۡمَ يَقُولُ نَادُواْ شُرَكَآءِيَ ٱلَّذِينَ زَعَمۡتُمۡ
فَدَعَوۡهُمۡ فَلَمۡ يَسۡتَجِيبُواْ لَهُمۡ وَجَعَلۡنَا بَيۡنَهُم
مَّوۡبِقٗا ٥٢

**52. Дица гьел мушриказда абулеб къиямасеб къоги ракIалда щвезабе нужеца: гьанже нуж ахIде нужеца дидахун ширк гьабун жидее лагълъи гьабурал хъанчазда ва гIадамазда.**

Нужеца абулеб букIана гьез нужее шапагIат гьабизе бугин абун. Жакъа буго нуж гьеб шапагIаталда цIакъ хIажатаб къо, гьанже нужедаса гIазаб нахъчIвай абе гьез. **Цинги жидеца ширк гьабурал гIадамаца гьел хъанчазда ахIи бала ва гьез жидее щибго жаваб кьоларо. Дица гьел кIияздаго гьоркьоб гьел гьалаг гьарулеб цIа гьабуна.** Жидеца лагълъи гьабуралги жидее лагълъи гьабуралги к1иябго къокъа жужахIалъул цIада жанир рукIуна ва жидеда гьениса къватIир рахъизе кIоларо.

وَرَءَا ٱلۡمُجۡرِمُونَ ٱلنَّارَ فَظَنُّوٓاْ أَنَّهُم
مُّوَاقِعُوهَا وَلَمۡ يَجِدُواْ عَنۡهَا مَصۡرِفٗا ٥٣

**53. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъи гьабурал гIадамазда жужахIалъул цIа бихьула ва х1акълъунго жидеда лъала гьеб цIадаре кколеблъи. Гьезда гьеб цIаялдаса лъутун рорчIулеб бакIги батуларо.**

Кире жал балагьаниги жидеда сверун лъугьун жужахIалъул цIа букIуна.

وَلَقَدۡ صَرَّفۡنَا فِي هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانِ لِلنَّاسِ مِن
كُلِّ مَثَلٖۚ وَكَانَ ٱلۡإِنسَٰنُ أَكۡثَرَ شَيۡءٖ
جَدَلٗا ٥٤

**54. Х1акълъунго Дица гьаб Къуръаналда жанир гIемерал мисалал рачана, далилал такрар гьарун рицана, гIадамазе вагIза-насихIат букIине бокьун. Гьедин бугониго инсан цIакъ къацандизе бокьулев вуго.**

Жинда бицараб хIакъаб жоги тун жиндие къваригIун гьечIеб жо цIехолев вуго.

Гьаб аяталъ капурзабазул бицен гьабулеб бугониги муъминзабада гьоркьоб дагIба-къец букIин цIакъго рекъечIеб жо буго, ва исламалъе зарал бугеб жоги буго. Гьелдаса мунпагIат босун исламияб диналъул тушбабаца тIобарал пачалихъал ва къавмал цоцаде къецандизе гьарулел руго.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1али асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Цо сордоялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нижер рукъалъул нуцIаялда кIутIана* (дунги гьесул яс ПатIиматги ругеб рукъалъул) *ва гьес ахIана: нуж как базе щай рахъунарел?»-абун. Дица абуна: «Я расулаллагь ﷺ, нижер рухIалги чурхдулги Аллагьасда кодор руго, гьес жиндие бокьараб мехалъ тIад рахъинарила нуж»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дида щибго жо абичIо. Гьев нахъ вуссун унаго, жиндир мачIазда хъатги кьабулаго, гьес абулеб рагIана: «ХIакълъунго инсан жиндир дагIба-къец гIемерав вуго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ГIемераб къацандиялъ къосиналда рачиялда жинца тIоритIел гьабулеб хIадис буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жиб битIараб нухалда букIараб цониги къавм къосинчIо жидеца дагIба къец гьабун хадуб гурони»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

وَمَا مَنَعَ ٱلنَّاسَ أَن يُؤْمِنُوٓاْ إِذْ جَآءَهُمُ
ٱلْهُدَىٰ وَيَسْتَغْفِرُواْ رَبَّهُمْ إِلَّآ أَن تَأْتِيَهُمْ
سُنَّةُ ٱلْأَوَّلِينَ أَوْ يَأْتِيَهُمُ ٱلْعَذَابُ قُبُلًا ﴿٥٥﴾

**55. Жидехъе хIакъаб ислам бачIараб мехалъ, Аллагьасул калам Къуръанги босун аварагги вачIараб мехалъ, гьеб дин жидеца къабул гьабичIел, жидер церехун ккарал мунагьазда тавбо гьабун, Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабун хьвадичIел гIадамал руго кутакаб инкаралда ругел гIадамал.**

Гьез абулеб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда: мун дуца бицунеб хабаралъулъ ритIухъав ватани, дуца нижеда тIад зодисан ганчIал рортизаре, яги цоги гIазаб бачун вачIа мун-абун. **Гьел гIадамазе бокьун буго цересел умматазда бачIараб гIадаб балагь жидеда бачIизе жидеда бихьун, жалги балагьун рукIун.** Кутакаб ахIмакълъи буго гьаб ва купруялъул гIорхъолъан инги буго.

وَمَا نُرْسِلُ ٱلْمُرْسَلِينَ إِلَّا مُبَشِّرِينَ
وَمُنذِرِينَ ۚ وَيُجَٰدِلُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ
بِٱلْبَٰطِلِ لِيُدْحِضُواْ بِهِ ٱلْحَقَّ ۖ وَٱتَّخَذُوٓاْ ءَايَٰتِى
وَمَآ أُنذِرُواْ هُزُوًا ﴿٥٦﴾

**56. Дица умматазда аварагзаби ритIуларо жидеца иман лъуразе алжан букIине буго абун рохел бицунел ва купру-ширкалда чIаразе жужахI букIине буго абун хIинкъи кьолеллъун гурони.**

Гьел аварагзабада тIадаб жо гьечIо хIал

гьабун иман лъезаби ва иман лъечIел гIадамал гьалаг гьариги. **Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гIадамал жидеда хIакъаб жо лъалеб бугониги батIулаб дагIба бан къецандулел руго, гьеб хIакъаб жо жидеца къезабизе бокьун ва гьеб батIулаб жолъун бихьзабизе бокьун.**

Гьел капурзабаца мугIжизат бихьизаби тIалаб гьабураб мехалъ, жидеда гIазаб рештIинабеянги абураб мехалъ, гьезие иман лъезе бокьун букIун бицулеб хабар гьечIо гьеб. Гьеб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва гьев жиндалъун вачIараб дин махсароде гьабун бицунеб рагIи. **Гьез дир Къуръаналъул аяталги, жидее хIинкъи кьун бицараб хабарги махсароде гьабулеб буго ва гьелда тIад релъанхъулел руго.**

وَمَنۡ أَظۡلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ
فَأَعۡرَضَ عَنۡهَا وَنَسِيَ مَا قَدَّمَتۡ يَدَاهُۚ إِنَّا
جَعَلۡنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمۡ أَكِنَّةً أَن يَفۡقَهُوهُ
وَفِيٓ ءَاذَانِهِمۡ وَقۡرٗاۖ وَإِن تَدۡعُهُمۡ إِلَى ٱلۡهُدَىٰ
فَلَن يَهۡتَدُوٓاْ إِذًا أَبَدٗا ٥٧

**57. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев жиндие Аллагьасул ﷻ аятаздалъун вагIза гьабураб мехалъ гьеб вагIза къабул гьабичIев чиясдаса.**

Жинца гьелъул пикруги гьабичIев, гьеб рагIуларевлъун ч1чIарав чиясдаса. **Жинца церехун гьарун арал мунагьалги жинда кIочарав, гьезда тавбо гьабизе ракIалдаги гьечIев. Х1акълъунго гьединал гIадамазул ракIазда тIад дица тIалъел лъун букIуна, гьезда щибго жо бичIчIичIого бикIине ва гьезул гIундулги гIинкъаллъун гьарун рукIуна гьезда хIакъаб жо рагIиялдаса.**

**Дуца гьел иманалда ва битIараб диналда ахIулел ругониги, дица жидер ракIалги бецаллъун гьарураб мехалъ, гIундулги гIинкъ гьарураб мехалъ, гьел хIакъаб нухалда тIоритIун кколаро.**

Гьеб къавмалъ иман лъолареблъи лъалеб букIун абулеб буго БетIергьан Аллагьас ﷻ дица гьезул ракIалги гIундулги бицараб жо рагIуларел ва бичIуларел гьарунин абун. Иман лъезе ккани шартI буго бицунеб жоялда гIенеккулел гIундул рукIинги, гьеб къабул гьабулеб ва гьеб бичIчIулеб ракI букIинги. Гьал гIадамал руго хIайваназул мисалалда ругел: жидеда ахIулеб гьаракь рагIулеб бугониги гьеб гьаракьалъул магIна жидеда бичIуларел.

وَرَبُّكَ ٱلۡغَفُورُ ذُو ٱلرَّحۡمَةِۖ لَوۡ يُؤَاخِذُهُم بِمَا
كَسَبُواْ لَعَجَّلَ لَهُمُ ٱلۡعَذَابَۚ بَل لَّهُم مَّوۡعِدٞ
لَّن يَجِدُواْ مِن دُونِهِۦ مَوۡئِلٗا ٥٨

**58. Дур БетIергьан Аллагь ﷻ жинца мунагьал чурулев ва жив цIакъ лагъзадерида гурхIулев вуго. Гьел гIадамаз мунагь гьабурабго гьелда данде жазаъ гьабулеб букIарабани,**

**гIадамазе цIакъ хехго гIазаб гьабилаан Аллагьас ﷻ.**

ТIадегIанав Аллагьасул хIукму ва къадар гьедин гьечIо. **Гьел гIадамаазул гIамалазе жазаъ гьабизе къотIи гьабураб заман буго къиямасеб къо. Гьеб къо бачIараб мехалъ ва гьелъул захIмалъи-къварилъиги бихьараб мехалъ гьеб халкъалъул гьелдаса рорчIизе ва кIанцIизе бакI букIунаро.**

Аллагьасул ﷻ гIадат буго жинда гIасилъарал гIадамал гIазаб гьабичIого толеб гьез тавбо гьабизе бокьун. Мунагь гьабураб х1алалъ гьелда данде г1азаб гьабулеб гIадат гьечIо Бет1ергьанасул. Гьесул гIазабалдаса ворчIизе бокьарв чияс тавбо гьабизе ккола ва гьесие гIибадат гьабиялда тIадги ч1чIезе ккола. Тавбо гьабичIого, гIибадатги гьабичIого хварав чиясе Аллагьасул ﷻ гIазаб букIин хIакъаб жо буго.

**59. Къуръаналда жаниб гIемер бицана цересел умматазул ва росабазул хабар: жидеца Аллагьасда ﷻ гIасилъи гьабун ракьалда тIад зулму гьабураб мехалъ дица гьалаг гьарурал. Гьел гьалаг гьариялъеги дица бихьизабураб ва къадар гьабураб заман букIана.**

وَتِلْكَ ٱلْقُرَىٰٓ أَهْلَكْنَٰهُمْ لَمَّا ظَلَمُوا۟ وَجَعَلْنَا لِمَهْلِكِهِم مَّوْعِدًا ﴿٥٩﴾

Гьел гIадамазе бокьараб мехалъ гьаричIо дица гьел гьалаг. Гьезда ракIалдаго гьечIеб, бищунго гьел дидасан гъапуллъун ругеб мехалъ гьаруна.

Гьанже мун гьереси гьавулел ва дуда данде чIарал хIалхъубал ва гIамал кIудиял мушриказ пикру кин гьабулареб гьел цересел умматазе ккараб жоялъул. Гьез гьереси гьавулев авараг ﷺ вуго аварагзабазул бищунго хирияв, гьезда щолеб гIазабги цIакъго гучаб букIине бегьула. Гьаб аят буго къурайшиязул мушриказе хIинкъи кьун рештIинабураб. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ гьезда бичIчIизабулеб буго жидедаса къуватал ва гIемерал умматал гьалаг гьарураблъи ва гьел къурайшиял гьалаг гьари БетIергьанасе щибго захIматаб жо гьечIеблъи.

**60. Дуца бице МухIаммад ﷺ, Муса عليه السلام аварагас жиндир гьалмагъасда абураб гIуж: дун нухда ине вуго ва дун тIад вуссине гьечIо кIиго ралъад дандеялъулеб бакIалда щун гурони. КигIан гIемер заман аниги дун гьенив щвезегIан ине вуго абун.**

وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِفَتَىٰهُ لَآ أَبْرَحُ حَتَّىٰٓ أَبْلُغَ مَجْمَعَ ٱلْبَحْرَيْنِ أَوْ أَمْضِىَ حُقُبًا ﴿٦٠﴾

Гьав гьалмагъ вуго ЮшагI ибну Нун, жинца Муса аварагасе عليه السلام хъулухъ гьабулев вукIарав ва гьесдаса гIелму тIалаб гьабулев

вукIарав. Гьаб кIиго ральъад данделъулеб бакIги буго Пурсазулги Румазулги ральъадал данделъулеб бакI, бакъ баккул рахъалда жиб бугеб.

Гьаб сапаралда Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къватIив вахъиялъе сабаб бицана: жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ цо къоялъ бануисраилазе вагIза гьабун хутIба гьабулев вукIана. Гьесда цо чияс гьикъана: «ГIадамазда гьоркьов бищунго гIелму лъалев чи щив вугев?»-абун. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Дун вуго»-абун. ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасда гIайиб чIвана кинабго гIелму лъалев чи цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абун щай абичIеб абун.

Цинги Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ чIухIи тIаса инабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: дир лагъ вуго кIиго ральъад данделъулеб бакIалда жив вугев, гьев вуго дудаса г1емер гIелму бугев абун. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Киндай дида гьев лагъ ватулев ва кин дун гьесда тIаде щолев абун. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дуца цо чугIа босе таргьинибги лъун, гьеб чугIа дудаса батIалъараб бакIалда дуда гьев лагъ ватизе вуго»-абун. Цинги Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ таргьиниб лъун цо бежараб чугIаги босана, живгун цадахъ ЮшагI абулев гIолохъанчиги вачана ва дов Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие гIелму кьурав лагъ цIехезе сапарада вахъана.

فَلَمَّا بَلَغَا مَجۡمَعَ بَيۡنِهِمَا نَسِيَا حُوتَهُمَا فَٱتَّخَذَ سَبِيلَهُۥ فِي ٱلۡبَحۡرِ سَرَبٗا ﴿٦١﴾

**61. КIиго ральъад данделъулеб бакIалда гьев кIиявго щвараб мехалъ, гьезда жидер чугIа кIочIана. Гьеб ральъдалъе ана ч1агояб ччуг1аг1адин, гьелъ жиндие нухги гьабун букIана ральъдалъе унеб каратI гIадинаб.**

Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва ЮшагI жидер сапаралда унаго гьеб кIиго ральъад данделъулеб бакIалда щун рукIана. Гьенив цо кIудияб гамачIалда тIад гIодор чIун хIухь бахъи гьабулеб мехалъ Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кьижун ккун вукIана. ЮшагIида доб чугIа жаниб букIараб таргьа багъарулеб бихьана, цинги гьениса къватIибги бачIун чугIа ральъдалъе жанибе ана. Гьеб чугIа араб бакIалда ЮшагI валагьидалго лъим данде бачIичIого гъваридаб, жиндир тIино бихьулеб каратI (къватIел) лъугьун букIана. Хадув ЮшагIги кьижун ккана.

Гьел тIаде рахъун нухда лъугьараб мехалъ, ЮшагIида кIочана Муса аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ бицане жинда бихьараб гIажаибаб жо. Муса аварагасдаги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кIочана ЮшагIица чугIа жаниб бугеб таргьа цадахъ босулеб бугодай абун балагьизе. Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: «Гьеб чугIа букIана бежараб жинда цIанги бараб жиб кваназе абун

хIадурун бугеб. Гьеб чугIа жиндилъ рухIги лъугьизабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ чIаго гьаби ва гьеб ральдалъе араб бакIалда лъим цоцаде жубачIого каратI лъугьун чIей Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул гIемерал мугIжизатаздасан цо мугIжизат букIана»-абун.

فَلَمَّا جَاوَزَا قَالَ لِفَتَىٰهُ ءَاتِنَا غَدَآءَنَا لَقَدْ لَقِينَا مِن سَفَرِنَا هَٰذَا نَصَبًا ﴿٦٢﴾

**62. Цинги Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва ЮшагI гьеб бакIалдасан араб мехалъ.** Гьел ун рукIана гьеб къоялъул нахъе хутIараб мехалъ, тIубараб сордоялъги, нахъисеб къоялъул дагьаб заманаялъги. **Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир гIолохъанчиясда абуна: «Босе нилъер радал кваналеб квен. Х1акълъунго гьаб сапаралъ нилълъ свакazаруна, ракъизеги гьаруна.** Нилъеца хIухь бахъи гьабизе буго ва дагьаб квенги кваназе буго»-абун.

قَالَ أَرَءَيْتَ إِذْ أَوَيْنَآ إِلَى ٱلصَّخْرَةِ فَإِنِّى نَسِيتُ ٱلْحُوتَ وَمَآ أَنسَىٰنِيهُ إِلَّا ٱلشَّيْطَٰنُ أَنْ أَذْكُرَهُۥ وَٱتَّخَذَ سَبِيلَهُۥ فِى ٱلْبَحْرِ عَجَبًا ﴿٦٣﴾

**63. ЮшагIица абуна: дуда лъалищ лъугьараб жо! Нилъ кIиявго доб к1удияб гамач1алде т1аде рук1ун, мун кьижун вугеб мехалъ, нилъер чугIа таргьиниса къватIибе бачIун ралъадалъе жанибе ана. Мун макьидаса ворчIараб мехалъ гьеб хабар дуда бицине дидаги кIочана. Гьеб дуда бицине дида кIоченабураб жо щайтIан гурого гьеч1о. Гьеб ччугIаялъ ральдалъе жиндие нух гьабуна жинда гIажаиблъулеб хIалалъ.** Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ ва ЮшагIие гIажаибаб жо букIана жиб бежараб чугIа жибго таргьиниса къватIибеги бачIун ральдалъе ин ва гьеб араб бакIалда каратI (кьватIел) нахъ хутIи.

قَالَ ذَٰلِكَ مَا كُنَّا نَبْغِ فَٱرْتَدَّا عَلَىٰٓ ءَاثَارِهِمَا قَصَصًا ﴿٦٤﴾

**64. Мусаца абуна: гьеб бугоха нилъеца тIалаб гьабулеб букIараб жо!** Гьеб ччугIа нилъедаса батIалъараб бакIалда нилъеда дов Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие гIелму кьурав лагъ ватизе ккола. **Цинги кIиявго тIад вуссун жал рачIараб нух цIехолаго рачIун доб кIудияб гамачI бугеб бакIалда щвана.**

فَوَجَدَا عَبْدًا مِّنْ عِبَادِنَآ ءَاتَيْنَٰهُ رَحْمَةً مِّنْ عِندِنَا وَعَلَّمْنَٰهُ مِن لَّدُنَّا عِلْمًا ﴿٦٥﴾

**65. Гьев кIиясдаго гьеб бакIалда дир лагъзадеридаса цо лагъ ватана дица жиндие дир рахъалъан рахIмат кьурав ва дида аскIоб бугеб гIелмуялдаса цо гIелмуги жинда лъазабурав.** Гьев вуго Хизри. ГIалимзабазул гIемерисел жинда рекъараб рагIи буго гьев Хизри авараг гьечIин абураб. Гьев вуго жинца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат бацIцIад гьабурав, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие караматалги кьурав муъминав лагъ.

Цо хIадисалда буго: Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ гьев Хизри ракьалда вегун тIаде жиндирго ретIелги рехун гьелда гьоркье тIерхьун (вахчун) ватанилан. Мусаца абуна: «Ассаламу гIалайкум»-абун. Хизрица бетIер къватIибе баккизабуна ва дагьабго гьеб бетIерги эхеде борхун абуна: «Дур ракьалда тIад салам (рекъел) кибе букIараб жо!»-абун. Хадуб Хизрица гьикъана: мун щив кколев? абун Мусаца жаваб гьабуна: дун Муса вугин абун Хизрица нахъеги гьикъана: бануисраилазул Мусайищ мун? абун. Мусаца абуна: У гьев вуго дун, дудасан гIелму лъазабизе вачIарав»-абун.

Гьев Хизрие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб гIелму буго инсанас цIалун ва малъун тIалаб гьабулареб, гьедин тIалаб гьабуниги жиб щолареб, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие вокьарав чиясе щибго гIакъуба бихьичIого кьолеб гIелму.

Гьеб гIелму Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьеялъе сабаблъун букIуна кутакалда Аллагьасдасан جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун, гьесдехун щибго жо гIахьал гьабичIого гIибадат гьаби ва кинабго хIалалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун жив хьвади. Гьеб гIелму Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьола: жиндие рокьарал, жинца гIагар гьарурал ва жинца гьезие карамат (хиралъи) кьурал гIадамазе. Гьаб гIелму буго авлияазул карамат.

Гьаб авлияазе бугеб карамат киналниги имамзабаца ва гIалимзабаца тасдикъ (ритIухъ) гьабураб жо буго. Гьединго имамзаби ва гIалимзаби жинда рекъараб жо буго авлияазе бугеб караматалда релълъараб жо щайтIаналъги загьир гьабулеб букIиналда ва щайтIаналда нахърилълъарал цо-цо гIадамаз жагьилал гIадамал гуккизе нухлъун гьеб щайтIанияб карамат хIалтIизабулеб букIиналдаги.

ЩайтIаниябги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугебги карамат батIа гьабизе лъала гьев чи щив вугеб лъазабураб мехалъ ва гьес бицунебги, гьабулебги жо шаргIалда борцун гьелъул гIорхъабазда жаниб лъураб мехалъ. ХIакъикъияв муъминчи вукIунаро бихьарабщинаб ва рагIарабщинаб жо жинца ритIухъ гьабулев ва гьелда жив божулев. Муъминчияс кинабго гIамал: жиндирго бугониги, жив гуресул бугониги, борцине ва цIазе ккола шаргIалъул цIадироялдалъун.

Гьеб шаргIияб цIадиро буго ТIадегIанав Аллагьас рештIине гьабураб гьаб хирияб Къуръан ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас нахъе тараб суннат. Гьеб Къуръаналдаса ва хIадисалдаса хIукму босизе кIоларев чиясе, имамзабаца ва гIалимзабаца Къуръан-хIадисалъул тафсир гьабун битIараб гIелмуялъул нухги лъун буго. Кинабго жоялъул бетIер буго гIелмуги гIакълуги цоцазда рекъей, гьеб кIиябго хIалтIизабизе лъай.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилълъ битIараб нухда тIоритIараздаса гьареги.

قَالَ لَهُۥ مُوسَىٰ هَلْ أَتَّبِعُكَ عَلَىٰٓ أَن تُعَلِّمَنِ مِمَّا عُلِّمْتَ رُشْدًا ﴿٦٦﴾

**66. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Хизрида абуна: «Дун дуда цадахъ ч1чIелищ ва мунгун цадахъ хьвадилищ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуда лъазабураб гIелмуялдасан дицаги мунпагIат босизе ва дун тIовитIулеб жо лъазабизе»-абун.**

Гьаб буго шаргIияб адаб ва инсанасул хIалимлъи. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ изну гьарулеб буго Хизридаса жив гьесда аскIов ч1чIезе ва гьесдаса жиндие мунпагIат бугеб жо тIалаб гьабизе. Инсанасда рекъараб буго жинца гIелму тIалаб гьабулеб мехалъ гьеб гIелмуялъул адаб ва хIурмат гьабизе.

قَالَ إِنَّكَ لَن تَسْتَطِيعَ مَعِىَ صَبْرًا ﴿٦٧﴾

**67. Хизрица абуна: Х1акълъунго дуда кIвезе гьечIо дунгун цадахъ ч1чIун сабро гьабизе.**

Дида Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цо-цо гьаибаб жо лъазабула. (балъгояб, рик1к1адаб жо)

وَكَيْفَ تَصْبِرُ عَلَىٰ مَا لَمْ تُحِطْ بِهِۦ خُبْرًا ﴿٦٨﴾

**68. Дуда лъалареб жо дица гьабураб мехалъ дуца сабро кинха гьабулеб?**

мун вуго загьираб гIелму Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьурав чи. Дуда жиб бичIчIулареб, дур шаргIалда данде кколареб жо дица гьабураб мехалъ дуца гьелда инкар гьабичIого рес букIунаро. Дурги дирги гIелму цохIо Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ бугониги, жиб кIиябго батIияб буго.

قَالَ سَتَجِدُنِىٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ صَابِرًا وَلَآ أَعْصِى لَكَ أَمْرًا ﴿٦٩﴾

**69. Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас абуна: дуда дун ватизе вуго, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьани, (иншаАллагь) дица сабро гьабулевлъун, ва дун дур амруялда гIасилъизе гьечIоян-абун.**

قَالَ فَإِنِ ٱتَّبَعْتَنِى فَلَا تَسْـَٔلْنِى عَن شَىْءٍ حَتَّىٰٓ أُحْدِثَ لَكَ مِنْهُ ذِكْرًا ﴿٧٠﴾

**70. Хизрица абуна: «Мун дунгун цадахъ ч1чIолев вугони, ва дида нахъ вилълъуневги вугони дуца дида щибго жо гьикъуге дица гьабураб жоялъул хIакъалъулъ, дица дуе гьеб баян гьабизегIан»-абун.**

Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьаб шартI къабул гьабуна, ва кIиясго цадахъ ч1чIезе хIукму гьабуна.

فَٱنطَلَقَا حَتَّىٰٓ إِذَا رَكِبَا فِى ٱلسَّفِينَةِ خَرَقَهَا ۖ قَالَ أَخَرَقْتَهَا لِتُغْرِقَ أَهْلَهَا لَقَدْ جِئْتَ شَيْـًٔا إِمْرًا ﴿٧١﴾

**71.** Цинги гьев кIиявго цадахъ ралъдал рагIалдаса гIебеде ана цоцазде хабарги бицунаго. **Гьедин унаго гьев кIиявго цо гамида рекIана, ва гьеб гамида тIад жал рекIун заманго иналде Хизрица цо**

**хъарщиги бахъун, гама жанибе лъим бачIунеблъун гьабуна. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дуца гьаб гамил хъарщи бахъана гурищ! Гьеб гамида тIад ругел гIадамал гьанкъизаризейищ дуе бокьун бугеб? Гьаб дуца гьабураб иш цIакъ квешаб жо буго гурищ?»-абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв Убаю ибну КагIбидаса бицараб хIадисалда буго: Цинги Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг ва Хизри ралъдал рагIалдаса унаго гьезда аскIосан цо гама унеб букIана. Гамида ругел гIадамазда гьев кIиясго абуна: «Нижги рекIине гьаре гьаб гамида тIад»-абун. Дол гIадамазда Хизри лъана ва гьез щибго мухь босичIого гьел гамида тIад рекIинаруна. Гамида рекIун заманго инчIого цо маххул жоги босун Хизрица гьеб гамидаса хъарщи бахъана. Мусаца гьесда абуна: «Дуца гьабулеб жо щиб? Гьал гIадамаз нилълъ чIорого, мухь босичIого гамида рекIинаруна, дуца гьезул гама хвезабулеб буго ва гьеб гамаги гIадамалги гьанкъулеб иш гьабулеб буго»-абун.

**72. Хизрица абуна: «Дица дуда абун букIана гурищ дуда кIоларин дунгун цадахъ чIун сабро гьабизе»-абун.** قَالَ أَلَمْ أَقُلْ إِنَّكَ لَن تَسْتَطِيعَ مَعِيَ صَبْرًا ﴿٧٢﴾

**73. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дуца дида гIайиб чIваге гьеб дидаса ккараб жоялда.** Гьаб буго дир напсалда дуе гьабураб къотIи кIочIон ккей абун. **Дуца дие тамихI къвакIараб гьабуге ва дир амру къварид гьабуге. Дидехун гурхIел ва бигьалъи гьабе.** Ай дуца дун дуда аскIоса вачахъуге, иншаАллагь, гьанже хадуб дица яхI бахъила дур амруялда гIасилъичIого вукIине абун. قَالَ لَا تُؤَاخِذْنِي بِمَا نَسِيتُ وَلَا تُرْهِقْنِي مِنْ أَمْرِي عُسْرًا ﴿٧٣﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьаб авалаб къотIи тIубан гутIи букIана Муса аваарагасда гьеб къотIи кIочей сабаблъун ккараб. Гьеб гамида тIад жал рукIадго цо гьитIинаб хIинчI чIана гамаялъул рагIалда ва гьелъ лъималда жаниб гозо бегьун, цинги гьеб гозо эхеде борхана. Хизрица Мусадехун абуна: «Дудаги дидаги лъалеб гIелмуялъул къадар гьечIо Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *гIелмуялда данде ккун, гьаб хIинчIалъ ралъдалъан босараб лъел къатIра гIадаб жо гурони»*-абун.
Х1адис ибну Жаририца бицана.

Цинги гьев кIиявго гамидасан гIодор лъугьун цо росо бугеб бакIалде щвана.

**74. Гамидаса рещт1ун хадуги жив кIиявго цадахъ унел рукIана. Гьезда данде ккана цо вас ва гьев вас Хизрица чIвана.** فَانطَلَقَا حَتَّىٰ إِذَا لَقِيَا غُلَامًا فَقَتَلَهُ قَالَ أَقَتَلْتَ نَفْسًا زَكِيَّةً بِغَيْرِ نَفْسٍ لَّقَدْ جِئْتَ شَيْئًا نُّكْرًا ﴿٧٤﴾

Гьеб росдал къотIносан унаго жидеда расандулел лъимал ратана. Гьезда гьоркьов жиндир гьумер берцинав, черх чIурканав, жинда балагьун чIезе бокьулеб сипаталъул цо васги вукIана. Хизрица гьев вас аскIове ахIун гьесул бетIер кьурун, хвезавун, гIодове рехана.

**Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дуца гьаб щибго жинда гIайиб гьечIеб напс чIвана гурищ?: я къисасалъе гьечIеб, я гьеб балугълъараб, жинца мунагьал гьарурабги гьечIеб! Гьаб дуца гьабураб жо цIакъ кIудияб мункар буго. Ва гьеб бихьараб мехалъ кIалъачIого чIезе дида кин кIолеб»-абун.** Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ къотIи кIочон букIинчIо, ва жив гъапуллъун вукIинчIо. Гьес къасд гьабуна кIудияб мункаралда инкар гьабизе, кигIанго кIалъачIого вукIине къотIи гьабун бугониги.

Гьаб аяталдаса бичIчIулеб хIукму буго: кинаб къотIи гьабун бугониги ва лъилгун гьеб къотIи гьабун бугониги гьеб къотIиялъул хIукму шаргIалъул хIукмуялдаса хилиплъараб мехалъ гьеб къотIи биххизе ккола. Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас кIалъачIого вукIине къотIи гьабун букIана. Амма шаргIалда хилипаб ва гIадамазе зарал бугеб жо гьабун Хизрица гамидасан хъарщи бахъараб мехалъ, ва гьитIинав вас чIвараб мехалъ: «Гьеб дуца гьабулеб гIамал шаргIалда хIарамаб ва мункараб»-буго абун абизе Мусада тIадаблъун ккун букIана.

КъуртIубияс бицана Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дуца бацIадаб напс чIвана гурищ?»-абураб мехалъ Хизрил ццим бахъана. Гьес дов васасул бугьналогодасан гьан тIасса ине гьабуна ва гьениб хъвараб жо Мусада бихьизе гьабуна. Гьениб хъван букIана: «Капурчи вуго гьав, кидаго жинца иманги лъезе гьечIо»-абун.

**75. Цинги Хизрица Мусаде абуна: «Дица дуда абун букIана гурищ дуда дунгун цадахъ чIун сабро гьабизе кIоларин абун.**

۞ قَالَ أَلَمْ أَقُل لَّكَ إِنَّكَ لَن تَسْتَطِيعَ مَعِيَ صَبْرًا ﴿٧٥﴾

Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьаб нухалъ гIузру бицичIо ва жив кIиго нухалъ Хизрие гьабураб къотIуе хилиплъидалго, цоги нухалъ гьевгун цадахъ хутIизе нух тIалаб гьабуна.

**76. Мусаца абуна: «Гьанже хадубги дица дуда жо гьикъани дуца дирго гьалмагълъи гьабугеха. Дуца дир гIузру кIиго нухалъ къабул гьабуна. Гьанже дица хилиплъи гьабуни дуе ихтияр буго диргун гьабураб къотIи**

قَالَ إِن سَأَلْتُكَ عَن شَيْءٍ بَعْدَهَا فَلَا تُصَاحِبْنِي قَدْ بَلَغْتَ مِن لَّدُنِّي عُذْرًا ﴿٧٦﴾

**бихизе»-абун.**

**77. Гьанжеги кIиявго цадахъ церехун ана. Цоги росулъе щвараб мехалъ гьез ракъунги рукIун гьеб росдал агьлояда гьарана жидее гьоболлъи гьабейин абун. Гьел гIадамаз нахъчIвана гьезул гьари ва гьезие гьоболлъиги гьабичIо.**

فَٱنطَلَقَا حَتَّىٰٓ إِذَآ أَتَيَآ أَهْلَ قَرْيَةٍ ٱسْتَطْعَمَآ أَهْلَهَا فَأَبَوْاْ أَن يُضَيِّفُوهُمَا فَوَجَدَا فِيهَا جِدَارًا يُرِيدُ أَن يَنقَضَّ فَأَقَامَهُۥ ۖ قَالَ لَوْ شِئْتَ لَتَّخَذْتَ عَلَيْهِ أَجْرًا ﴿٧٧﴾

ИбнугIаббасица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: гьеб буго «Антакият» абулеб шагьар. Гьеб шагьаралъул гIадамал цIакъ хIалихьатал рукIана: вакъарасе тIагIам кьоларел, къечарасе лъим кьоларел, свакарасе гIодов ч1чIезе рагIад кьоларел. Гьаб буго бахиллъиялъул къуват. Гьеб бахиллъиги жал какарал сипатазул бищунго квешаб буго: хасго вакъарав чияс гьарараб мехалъ гьесие тIагIам кьунгутIи цIакъго хIалихьатаб бахиллъи буго. Гьеб бахиллъиялъ киналго лъикIлъаби тIаса инарула, сахавалъиялъ мунагьал тIаса инарулеб гIадинго.

**Цинги гьев кIиясдаго гьениб цо къед батана жибги гьетIун, биххун ине гIагарлъун бугеб. Хизрица кверал чIван гьеб къед битIизабуна.** Цоги магIна гьабуна: Хизрица гьеб къед биххизеги гьабун цIидасан бана абун. **Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Дуе бокьун букIараб ани дур ихтияр букIанаха гьаб хIалтIиялъухъ мухь босизе»-абун.**

Нилълъ ракъунги ругелъул, гьаз нилъее гьоболлъиги гьабулеб гьечIелъул, гьеб къед къачIаралъухъ мухьги босун гьелъухъ бичун тIагIам босизе бегьилаан нилъецаян абуна Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ. Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Хизрида инкар гьабуна жидее лъикIлъи гьабизе мустахIикъал гьечIел гIадамазе лъикIлъи гьабунин абун: кванaзе квенги кьоларел, гьекъезе лъимги кьоларел, тIаде рачIарал гIадамазе гьоболлъиги гьабуларел гIадамазухъа ужра-мухь босун букIарабани лъикI букIана дуца, гьезие чIового хIалтIиялдаса абураб магIна буго гьаб рагIиялъул.

ИбнухатIибица абуна: гьаб аяталдаса нилъеда бичIулеб буго жинца лъикIлъи гьабулев чияс гьеб гьабизе кколеблъи жиндие лъикIлъи гьабурасеги, зарал гьабурасеги. Гьеб лъикIлъи гьаби абураб жо буго данде мухь босичIого гьабулеб жо. Нилъеда гьаб заманаялъ бихьулеб жо бугоха жидер тIабигIатал хIалихьатал напсаз лъикIлъи гьабурасеги квешлъи гьабулеб букIин, жидеда гурхIаразеги рахIмо гьечIолъи гьабулеб букIин.

**78. Хизрица абуна: «Гьаб бугоха мунги дунги кIиявго цоцадаса ратIалъулеб заман.**

قَالَ هَٰذَا فِرَاقُ بَيْنِى وَبَيْنِكَ ۚ سَأُنَبِّئُكَ بِتَأْوِيلِ مَا لَمْ تَسْتَطِع عَّلَيْهِ صَبْرًا ﴿٧٨﴾

ГIебги дурго къотIиялда рекъон буго, дица дуе щибго къотIиги хвезабичIо. **Нилълъ кIиявго ратIалъилелде щцебе дица дуда бицине буго дуда сабро гьабизе кIвечIого дуца дида гьикъараб гьаб лъабго масъалаялъул хIикмат»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагь гурхIагиха дир вац Муса аварагасда! Дие бокьилаан гьес сабро гьабун букIарабани. ТIадегIанав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *нилъее гьев кIиясулго къиса халат бицинаан ва нилъеда гIажаибал жалги лъалаан»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

أَمَّا ٱلسَّفِينَةُ فَكَانَتۡ لِمَسَٰكِينَ يَعۡمَلُونَ فِي ٱلۡبَحۡرِ فَأَرَدتُّ أَنۡ أَعِيبَهَا وَكَانَ وَرَآءَهُم مَّلِكٞ يَأۡخُذُ كُلَّ سَفِينَةٍ غَصۡبٗا ٧٩

**79. Амма доб гама букIана гIиц1го мисканал гIадамаз жиндалъун бетIербахъиги гьабулеб, ва жидер залимзабаде данде чIезе хIалкIолъиги гьечIел гIадамазул гама. Дие бокьана гьеб гама цо гIайиб бугеблъун гьабизе. Гьел униб нухда цо залимав хан вукIана, жинца гIадамазухъан гьезул гуми хIал гьабун рахъулев.**

Жаниб лъимги бачIунеб, хвараб, къадараб жо бугин абун гьезухъа гама бахъичIого букIине гIоло гьабуна дица доб дуца гIайиб чIвараб гIамал (гьезул гамаялдаса хъарщи бахъи).

وَأَمَّا ٱلۡغُلَٰمُ فَكَانَ أَبَوَاهُ مُؤۡمِنَيۡنِ فَخَشِينَآ أَن يُرۡهِقَهُمَا طُغۡيَٰنٗا وَكُفۡرٗا ٨٠

**80. Амма дов дица чIварав васасул эбел-эмен рукIана иман лъурал, Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **лагълъи гьабулел, купру-ширкалдасан рикIкIад чIарал гIадамал. Дун хIинкъун вукIана дов вас кIудияв гIураб мехалъ гьес жиндир эбел-эмен къосинарилин, гьес дозие къварилъиги гьабилин абун.**

Гьев вас жидее вокьун, гьесие бокьараб жо гьабун гьел эбел-эмен хIакъаб диналдаса руссун гьесда нахърилълъине гурин абун.

فَأَرَدۡنَآ أَن يُبۡدِلَهُمَا رَبُّهُمَا خَيۡرٗا مِّنۡهُ زَكَوٰةٗ وَأَقۡرَبَ رُحۡمٗا ٨١

**81. Дие бокьана гьезул БетIергьан Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьев капурав васасул бакIалда гьезие цо лъикIаб лъимер кьезе: жинца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **лагълъи гьабулеб ва эбел-имсуда гурхIелги гьабулеб.**

Къатадат абулев гIалимас абуна: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев васасул эбел-эмен роххизаруна гьев вас чIвараб мехалъ. Гьел къосинаризе рукIана гьев кIудияв гIезе тун вукIарав ани ва гьеб гьезул гьалаглъи букIана. Инсан кидаго разияв вукIине ккола Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда. Муъминчиясе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабураб хIукму жинда жаниб гьесие

маслахIат ва лъикIлъи бугеб букIуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Аллагьас муъминчиясе хIукму гьабуларо гьеб хIукмуялда жаниб гьесие лъикIлъи букIун гурони»*-абун. Х1адис ибну Касирица бицана кьуч1аблъун.

Жалал абулеб тафсиралда абуна: гьев васасул эбел ургьиб лъимергун йикIана ва гьелъ яс гьаюна. Гьей ясалъ херал эбел инсуе гIемераб хъулухъ-адабги гьабуна. Гьей ясалъ авараглъун вукIинесев вас гьавуна, гьев васасул васги авараг вукIана, гьев аварагасдалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ халкъги иманалда тIобитIана. Гьев аварагасул цIар ШабгIун букIана абун.

وَأَمَّا ٱلْجِدَارُ فَكَانَ لِغُلَـٰمَيْنِ يَتِيمَيْنِ فِى ٱلْمَدِينَةِ وَكَانَ تَحْتَهُۥ كَنزٌ لَّهُمَا وَكَانَ أَبُوهُمَا صَـٰلِحًا فَأَرَادَ رَبُّكَ أَن يَبْلُغَآ أَشُدَّهُمَا وَيَسْتَخْرِجَا كَنزَهُمَا رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ وَمَا فَعَلْتُهُۥ عَنْ أَمْرِى ۚ ذَٰلِكَ تَأْوِيلُ مَا لَمْ تَسْطِع عَّلَيْهِ صَبْرًا ﴿٨٢﴾

**82. Ва амма доб жиб биххун унеб букIараб къед букIана гьеб шагьаралда вугев кIиго ятимасул. Гьеб къедалъул кьучIалда гъоркь лъун, гьениб бахчун гьезул лъикIав инсуца гьезие тараб хазина букIана. Дур БетIергьан Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьун букIана гьеб хазина гьениб хутIизе гьев кIиявго вас балугълъун жидер гIакъло-тадбир камиллъиялда щвезегIан. Гьебги букIана дур БетIергьан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмат:** лъикIав инсул баракаталдалъун гьесул нахъе хутIарал ятимазе хазина цIуни.

ГIалимзабаца абуна: эбел-эмен лъикIал рукIиналъ лъималазе мунпагIат гьабула. Гьев кIиявго васасул анкьабилев эмен вукIана жив лъикIав лагълъун. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурав. Гьеб заманаялдаса нахъе цIунараб хазина букIана доб къедалда гъоркь. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб хазина жидее кьезе мустахIикъаб насло ццебе бачIинегIан гьелъул тадбир гьабуна. Гьеб хазинаги гIарац-месед букIана Къуръаналъул магIна хал гьабун ва гIемерисел гIалимзабазул тафсиралъул магIна хал гьабунги. Цо гIалимас абуна гьениб бугеб хазина гIелму букIана абун. Гьаб рагIи жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасидаса бицараб буго.

ХIасанул Басриясдаса бицана: гьеб къедалда гъоркь меседил къоно (хъарщи) букIана. Гьелда тIад хъван букIана: «Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. Дица гIажаиблъи гьабула Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къадаралда божулев чи киндай пашманлъула абун. Дица жегиги гIажаиблъи гьабула жив хвезе вукIиналда божулев чи киндай воххула абун. Цогиги дица гIажаиблъи гьабула гьаб дунялалъул хIал лъалев чи, гьелъул хиса-свериги лъалев чи, киндай дунялалда ракIгъун, хIалхьон вукIунев

абун. Лаилагьа иллаллагь МухIаммаду расулуллагь»-абун.

Гьаб хазина лъурав эмен жинца хам бессулев чи вукIана абунги абуна. Гьеб хазина гIелму букIана абурабги, гIарац-месед букIана абурабги кIиябго рагIи битIараблъун кколеб буго, гьеб меседил хъарщиялда хъвараб вагIза букIин лъараб мехалъ; меседил хъарщи гIемераб бечелъи буго, гьелда тIад хъвараб жо гIелмуги буго.

Гьаб лъабабго къисаялда жаниб бугеб, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда жиб бич1чIичIеб ва гьесда магIна лъачIеб **Хизрил пиша буго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахIматлъун бугеб.** Дол гамил бетIергьабазе, дов васасул эбел-инсуеги, дов кIиявго ятимасеги. **Гьаб иш дица гьабичIо диего бокьун.** Гамидаса хъарщи бахъиги, дов вас чIвайги, гьаб къед битIизабиги дица гьабуна Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун ва гьесул илгьамалдалъун. **Гьаб бугоха дуда сабро гьабизе кIвечIого дуца дида гьикъардараб ишалъул магIна.**

ГIалимзабазул хилап буго гьав Хизри щив вукIарав абун. Цо гIалимзабаца абуна гьев авараг вукIана абун. ГIемерисел гIалимзаби руго Хизри авараг вукIинчIо, гьев Аллагьасул вали вукIана абулел. Хадубги гIалимзабазул хилап буго гьев Хизри чIаго вукIиналъул хIакъалъулъ. Гьев чIаго вуго ва къиямасеб къо бичIинегIан чIаго хутIизе вуго абураб рагIи абуна имам Нававияс ва ибну СсалихIица. Гьев чIаго гьечIо абуна гIемерисел гIалимзабаца. ЧIаго гьечIо абулезул далилал ва хIужаби гIемерал руго. Гьелъие цо далил буго хирияв МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аварагасда абураб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам: дудаса цеве щивго чи дица чIаго хутIулевлъун гьавичIоян абураб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисги буго жиндир хвел гIагарлъараб мехалъ абураб:

*«Гьаб ракьалда тIад ругел гIадамазул цониги чи чIаго хутIизе гьечIо гьаб сордоялдаса бай бихьун нусго сон араб мехалъ»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Бухариясул сахIихIалда буго (тIехьалда цIар буго сахIихIул Бухари абун) жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан бицараб хIадис: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Гьав Хизрида (Хузари) абун цIар лъеялъе сабаб буго жив бакъвараб, гIодоб гьарщараб хер бугеб ракьалда тIад гIодов ч1чIараб мехалъ, гьесда гьокь букIараб хер гIурччинлъун, цIидаса бижин»*-абун. «Хузари» абураб рагIиялъул магIна буго гIурччинаб абураб. Гьаб буго инсанас Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб гIибадат мухIкан гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие кьолеб хиралъи ва тIокIлъи.

Цо-цо цIаларал гIадамазе бакьула гьав Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва Хизрил къисаги бицун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие вокьарав чиясе карамат кьолеблъи тасдикъ гьабизе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ карамат кьей буго киналго гIалимзаби жинда рекъараб гIакъида (рекIел чIей). Гьелда инкар гьабуларо жидеда гIелму дин лъаларел, жагьилал гIадамаз гурони.

КигIанго жинца Хизрие къотIи гьабун букIаниги гьесда щибго жо гьикъиларо абун, Мусада кIолеб гьечIо жиндир шаргIалда хилипаб жолъун бугеб мискинзабазул гама хвезаби жинда бихьараб мехалъ, гьелда тIад кIалъачIого чIезе. Хадусеб кIиго къисаги гьалдаго релълъун буго. Гьаб буго хIакъаб жоялдалъун амру гьабиги, квешаб жоялдаса нагью гьабиги тIадаб букIиналъе гIаламат, ва гьеб ишалъе Аллагьасул салам лъеял аварагзаби бищунго камилал рукIиналъе далилги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса авараггун عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ цадахъ вукIарав гIолохъан чиясул щиб хабар бугеб? гьев киве тIагIарав? абун гьикъулев чи вугони: гьев гIолохъанчи ЮшагI ибну Нун вукIин лъала нилъеда: жинца Муса аварагасе хъулухъ гьабулев вукIарав, гьев Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ хадув бануисраилазул авараглъунги вукIана. Гьаб къисса бициялдаса мурад Муса аварагасулги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Хизрилги ккараб жо бицин бугелъул, гьев кIиявго данделъун хадуб гьев ЮшагIил бицен гьаби жибго тана ТIадегIанав Аллагьас.

Аллагьас нилъее жив разияб гIелму кьеги. Амин.

وَيَسۡـَٔلُونَكَ عَن ذِي ٱلۡقَرۡنَيۡنِۖ قُلۡ سَأَتۡلُواْ عَلَيۡكُم مِّنۡهُ ذِكۡرًا ﴿٨٣﴾

**83. Дуда гьел мушриказ гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жидеда бицеян Зулкъарнайнил хабар: щивчи гьев вукIарав ва щиб къисса гьесул бугеб абун.**

**Дуца гьезда абе: дица нужеда бицина гьесул къисса дида вахIю гьабураб хIалалъ.**

إِنَّا مَكَّنَّا لَهُۥ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَءَاتَيۡنَٰهُ مِن كُلِّ شَيۡءٖ سَبَبٗا ﴿٨٤﴾

**84. Х1акълъунго Дица гьев Зулкъарнайние ракьалда тIад цIакъ рес рекъезабуна.**

Ханлъи кьун, къуват-гуч кьун, улкаби мукIур гьарун, шагьарал ва росаби гIуцIцIун. **Гьеб ханлъиялда жив щолел сабабалги рекъезаруна гьесие.** Г1елму-гIакълу кьуна, махщел кьуна, хIалкIолъиги кьуна.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гьав Зулкъарнайни абулев чи вуго Александр Македонский абулев чи. Жиндир ханлъи тIибитIун букIана бакъ баккудасан бакъ тIерхьуде щвезегIан. Гьеб сабаблъун жинда цIар лъуна: «КIиго лълъаралъул бетIергьан»-абун, ай бакъ баккулеб ва

бакъ тIерхьунеб кIиябго рахъалъул бетIергьанав абураб магIна буго гьеб рагIиялъул. Гьев бусурманав хан вукIана Аллагьас ﷻ жиндие ракьалда тIад ханлъи кьурав ва жинца гIадилаб, битIараб хIалалъ ханлъи гьабурав, гIадамазе лъикIлъи гьабун гьезие магIишат гьабизе сабабалги гIуцIцIарав. Гьев вукIана ГIиса аварагасдасан хадув, МухIаммад аварагасдасан цеве, гьал киназдаго Аллагьасул свалат салам лъеял.

Гьаб дунялалдаго ханлъи тIибитIаравункъго хан вукIана: кIиго бусурманав хан вукIана: Сулейман авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьав Зулкъарнайни. КIиго капурав ханги вукIана: Намрузги, Бухтанасарги. Гьав Зулкъарнайни авараг вукIана абулел гIалимзабиги руго. Гьесул кIиго гъал букIана лълъаралда релълъарал, гьелдалъун абуна Зулкъарнайни абун абулел гIалимзабиги руго. ГIемераб гIумру бана Зулкъарнайнияс: кIиго къарно (век), гьеб сабаблъун абуна жинда Зулкъарнайни абун абулел гIалимзабиги руго.

Суфяну Саврияс абуна: жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасда гьикъанила гьев Зулкъарнайниясул хIакъалъулъ. ГIали асхIабас абуна: «Гьев вукIана лъикIав лагъ, жинца Аллагьасул ﷻ диналда халкъ ахIулев»-абун. ТIадегIанав Аллагьас гьесие кьун букIана ханзабазе кьолеб кинабго къуватги аскаралги, ярагъги. Гьеб къуваталдалъун жив маликлъун вукIана кинабго дунялалда, гьесие киналго ханзабиги, улкабиги квегъун ва мутIигIлъун рукIана. Гьесие киналго гIарабиял ва гIажамиял халкъалги хIелун вукIана.

Аллагьас ﷻ гьесие гIелмуги кьун букIана ва киналго халкъазул мацIазулъ лъайги кьун букIана. Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасда гьикъана: кин гьев Зулкъарнайни дунялалъулго ханлъун вахъарав абун. Г1алиасх1абас абуна: «СубхIаналлагьи! Гьеб рагIиялъул магIнаго щиб! Аллагьас ﷻ гьесие накIкIал квегъана, сабабалги рекъезаруна ва Аллагьас ﷻ гьесие жиндир кверги щвакана»-абун. Ай: Аллагьасул ﷻ квер бакъиялдалъун маликлъана гьев дунялалъул киналго улкабазда.

**85. Гьев Зулкъарнайни Аллагьас ﷻ жиндие бихьизабураб нухда лъугьана ва бакъ тIерхьул рахъалдехун ана.**

فَأَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٨٥﴾

**86. Жив бакъ тIерхьул рахъалде щвараб мехалъ жинда бакъ бихьана цо хьуцIилъе тIерхьун унеб бугеб гIадин.**

حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ مَغۡرِبَ ٱلشَّمۡسِ وَجَدَهَا تَغۡرُبُ فِي عَيۡنٍ حَمِئَةٖ وَوَجَدَ عِندَهَا قَوۡمٗاۗ قُلۡنَا يَٰذَا ٱلۡقَرۡنَيۡنِ إِمَّآ أَن تُعَذِّبَ وَإِمَّآ أَن تَتَّخِذَ فِيهِمۡ حُسۡنٗا ﴿٨٦﴾

Рази абулев гIалимас абуна: росаби ва

гIадамал ругеб бакI лъугьун жив цевехун индал гьеседа лъимги бухIараб хIарщги бугеб авлахъ батана ва гьеб авлахъалда жаниб бортун унеб гIадин тIерхьунеб бакъги бихьана: гамида рекIун ралъдада вугев чиясдаги бихьулеб гIадин, гьеб бакъ цогидаб рахъалда ралъдалъе тIерхьулеблъун. Бакъ тIерхьиялъул ХIакъикъат буго. Дунялалъ жиндирго хIосалда свери бахъулаго гьеб бакъ нилъеда бихьулареб рахъалде ккола.

**Гьеб бухIараб хIарщалда аскIоб жинда цо къавмги батана. Дица гьев Зулкъарнайнида илгьам гьабун абуна: «Дуе бокьани гьал гIадамал чIвай дуца, бокьани гьел чIвачIого тун берцинаб дагIват гьабун иман лъеялда ахIе»-абун.** Гьеб букIана Аллагьасда ﷻ инкар ккураб къавм, гьединлъидал абуна Зулкъарнайнида: дуе бокьани гьезие гIазаб гьабе, бокьани иманалда ахIе абун.

قَالَ أَمَّا مَن ظَلَمَ فَسَوْفَ نُعَذِّبُهُۥ ثُمَّ يُرَدُّ إِلَىٰ رَبِّهِۦ فَيُعَذِّبُهُۥ عَذَابًا نُّكْرًا ﴿٨٧﴾

**87. Гьес абуна: «Амма гьеб къавмалъул купруялда чIарал ва иман лъезе бокьичIев чиясе дица гIазаб гьабила:** гьесие дагIват гьабун хадуб. **Гьев ахираталда Аллагьасде ﷻ вусине гьавураб мехалъ гьенибги гьесие цIакъ квешаб жужахIалъул гIазаб букIина.**

وَأَمَّا مَنْ ءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَلَهُۥ جَزَآءً ٱلْحُسْنَىٰ ۖ وَسَنَقُولُ لَهُۥ مِنْ أَمْرِنَا يُسْرًا ﴿٨٨﴾

**88. Ва амма жинца иман лъурав чи ва лъикIаб гIамал гьабун шаргIалда рекъон живги хьвадарав, гьесие Аллагьасда ﷻ аскIоб цIакъ лъикIаб жазаъ буго. Дица гьесие дунялалдаги бигьалъи гьабила ва захIматаб таклиф тIад къачIого тела.**

ТIадегIанав Аллагьас жиндир лъикIав лагъасул хIалбихьи гьабуна ва гьев лагъасги Аллагь ﷻ жинда разилъулеб хIукму гьабуна: Аллагьасда ﷻ инкар ккураб къавм берцинаб дагIват гьабун иман-исламалда ахIи. Жидеца гьеб дагIватги босичIони, цогидал иман лъезе бокьарал гIадамазе квалкалги гьебулеб бугони гьезда рагъ базе ва гьел чIвазе ккола.

ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٨٩﴾

**89. Цинги гьев Зулкъарнайни сапаралда ана** ва гьанжесалалъ гьев бакъ баккудехун ана.

حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ مَطْلِعَ ٱلشَّمْسِ وَجَدَهَا تَطْلُعُ عَلَىٰ قَوْمٍ لَّمْ نَجْعَل لَّهُم مِّن دُونِهَا سِتْرًا ﴿٩٠﴾

**90. Гьев бакъ баккул рахъалда щвараб мехалъ жинда бакъ баккулеб батана гьениб бугеб цо къавмалда тIад, гьеб бакъул бухIиялдасан жал цIунулеб щибго жо гьечIел:**

жидеда тIад ретIел гьечIел, жидер рукъзалги гьечIел. Бакъ гьезда тIаде баккараб мехалъ гьел рахчулел рукIана ракьулъе рухъун гьарурал гвендазулъ ва ракьул кьватIелазда жанир. Бакъ тIаса араб мехалъ къватIире рахъун жидее кванaзе жоги тIалаб гьабулеб букIана.

Къатадат абулев гIалимас абуна: Зулкъарнайни бакъ тIерхьудаса бай бихьун росаби-шагьарал кверда росулаго, гьениб батараб хазина бакIарулаго, иман лъечIел бихьиналги чIвалаго, ана бакъ баккуде щвезегIан. Ахирги гьев тIаде щвана жидер щибго магIишат гьечIел, тIад ретIизе ретIелги гьечIел, ракьул гвендахъе лъугьун гIумру гьабулел гIадамал ругеб бакIалда. Цо гIалимас абуна: гьеб букIана Африкаялда бугеб бакI, гьел гIадамалги тIом чIегIерал рукIана, гьеб ракьги мина бан чIолареб сали букIана абун.

**91. Гьеб къавмалъеги Зулкъарнайница доб бакъ тIерхьул рахъалда батараб къавмалъе гьабурабго жо гьабуна:** كَذَٰلِكَ وَقَدْ أَحَطْنَا بِمَا لَدَيْهِ خُبْرًا ﴿٩١﴾

гьезда иман лъеян абун дагIват гьабуна, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин, гьесие гIибадат гьабизе тIад букIин бичIчIизабуна, цинги иман лъун мутIигIлъичIел гIадамазда рагъ бана. **Дида Зулкъарнайнил киналго хIалалги лъала, гьесул кинабго къиссаги лъала.** ЦохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гурони лъалареб гIемераб аскарги, гIемераб боцIи-мал ва хазина букIана Зулкъарнайнил.

**92. Цинги гьев цогидаб рахъалде валагьун сапаралде ана.** ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٩٢﴾

Бакъ баккудаги бакъ тIерхьудаги гьоркьоб бугеб рорхатал мугIрул ругеб рахъалдехун ана гьев.

**93. КIиго борхатаб сангар бугеб бакIалде щвараб мехалъ,** حَتَّىٰ إِذَا بَلَغَ بَيْنَ السَّدَّيْنِ وَجَدَ مِن دُونِهِمَا قَوْمًا لَّا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ قَوْلًا ﴿٩٣﴾

гьеб буго кIиго кIудияб мегIер Турциялъул, Армениялъул ва Азербайджаназул гIорхъи цолъулеб бакIалда бугеб.

Гьеб кIиябго мегIералда нахъехун яъжуж-маъжуж абулеб жидеца ракьалда тIад пасалъи гьабулел, жидеца гIадамалги кваналеб къавм буго. Гьеб къавм бачIунеб букIана щибаб санайил ихдал гIужалъ гьеб кIиябго мегIералда гьоркьоса бугеб рагьараб бакIалдаса ва гIемераб пасалъи ва къварилъи халкъалъеги гьабун цIидаса жидерго бакIалде унел рукIана.

**Зулкъарнайнида гьеб кIиябго мегIералда щолеб бакIалда цо къавм батана жидеда бицараб жоги бичIунарел, жидеца бицунеб**

**жоги бичӀунарел.** ЦӀакъго батӀияб мацӀ букӀана гьезул. Цогидаб халкъалдехун гьезул журай бук1инчӀо гьезда жидер мацӀ гуреб жо лъалеб букӀинчӀо.

قَالُوا۟ يَٰذَا ٱلْقَرْنَيْنِ إِنَّ يَأْجُوجَ وَمَأْجُوجَ
مُفْسِدُونَ فِى ٱلْأَرْضِ فَهَلْ نَجْعَلُ لَكَ خَرْجًا
عَلَىٰٓ أَن تَجْعَلَ بَيْنَنَا وَبَيْنَهُمْ سَدًّا ﴿٩٤﴾

**94. Гьеб къавмалъ абуна: Я Зулкъарнайн! Х1акълъунго яъжуж маъжуж абулеб къавмалъ ракьалда тӀад цӀакъ пасалъи гьабулеб буго.**
Адамил лъималаздаса бугеб насло буго гьеб жидер тӀабигӀатал къабихӀал, жидер чурхдулги сурукъал: цоял цӀакъго халатал, цоял цӀакъго къокъал. Жидеца гӀадамалги чӀвалел гьезул гьанги кваналел, гьезул магӀишатги нахъе бакӀарун унел. Жидеца кваназе бегьулебщинаб жо кваналеб букӀана, кваназе бегьулареб жо цадахъ босун унеб букӀана.

**Нижеца дуе мухь кьелаан дуца гьаб кӀиябго мегӀералда гьоркьоб бугеб бакӀ къед гьабун бацани ва нижедаги гьездаги гьоркьоб щулияб сангар гьабуни**. Гьаб буго берцинаб адабалдалъун калам гьаби: жидеда тӀаде вачӀарав гучав хан гьез кьолеб мухьалда хӀажатав гьечӀевлъи лъаниги нижеца мухь кьелаан абулеб буго, жидер хӀажалъи цӀикӀараб букӀин бичӀчӀизе гьабун.

قَالَ مَا مَكَّنِّى فِيهِ رَبِّى خَيْرٌ فَأَعِينُونِى بِقُوَّةٍ
أَجْعَلْ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ رَدْمًا ﴿٩٥﴾

**95. Гьес абуна: Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дие кьураб бечелъиги къуватги лъикӀаб буго нужехъан мухь босиялдаса. Нужеца дие кумек гьабе нужер къуваталдалъун.**
Дица малъараб хӀалтӀи гьабе чорхолъ сахлъи бугев чияс. **Дица нужедаги гьездаги гьоркьоб цӀакъ щулияб, кутакаб сангар гьабила.**

ءَاتُونِى زُبَرَ ٱلْحَدِيدِ حَتَّىٰٓ إِذَا سَاوَىٰ بَيْنَ ٱلصَّدَفَيْنِ
قَالَ ٱنفُخُوا۟ حَتَّىٰٓ إِذَا جَعَلَهُۥ نَارًا قَالَ ءَاتُونِىٓ أُفْرِغْ
عَلَيْهِ قِطْرًا ﴿٩٦﴾

**96. Нуж дихье маххул къотӀелал росун рачӀа** ва гьел цоцазда тӀад лъе дица бихьизабураб бакӀалда ва дица баян гьабураб хӀалалъ. **Цинги гьеб маххул къотӀелал цоялда цо тӀадлъун кӀиябго мегӀералда гьоркьоб бугеб бакӀ цӀураб мехалъ** (буччараб мехалъ) **ва гьелда сверухъ кӀудияб цӀаги бакараб мехалъ, Зулкъарнайница абуна: «Гьанже нужеца кӀудиял цӀа пулел жалги лъун** (гьаперо) **гьеб мехалда тӀаде цӀа пуе»-абун.**

**Цинги гьез цӀа пун гьеб махх багӀарун цӀа гӀадин лъугьараб мехалъ гьес абуна: «Гьанже нуж рачӀа багӀаризабун биинабураб тӀухьи ва пахь жубараб жо босун, гьеб доб багӀарун цӀагӀадин бугеб маххалда тӀаде тӀезе»- абун.** Гьеб биине гьабураб тӀохьи ва

пахь жубараб жо тIаде тIураб мехалъ маххги гьебги цоцалъ жубана ва цогояб, кутакаб сангар лъугьана.

فَمَا ٱسۡطَٰعُوٓاْ أَن يَظۡهَرُوهُ وَمَا ٱسۡتَطَٰعُواْ لَهُۥ نَقۡبٗا ﴿٩٧﴾

**97. Гьеб квешаб къавмалда кIвечIо гьеб къедалда тIаде рахине,** гьеб цIакъ борхатаб, цIвакараб букIун. **Гьединго гьезда кIвечIо гьеб къед борлъун каратI гьабизеги.**

Гьеб къвакIараб ва гIебаб букIун. Гьеб къедалдалъун Зулкъарнайница яъжуж маъжужазул балагьалдаса ва пасалъиялдаса гьел г1адамал цIунана.

قَالَ هَٰذَا رَحۡمَةٞ مِّن رَّبِّيۖ فَإِذَا جَآءَ وَعۡدُ رَبِّي جَعَلَهُۥ دَكَّآءَۖ وَكَانَ وَعۡدُ رَبِّي حَقّٗا ﴿٩٨﴾

**98. Зулкъарнайница абуна: гьаб къед буго БетIергьан Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзадерие гьабураб рахIмат ва гьесул нигIмат. ТIадегIанав Аллагьас къадар гьабураб гIуж щвараб мехалъ** Къиямасеб къо чIеялда гIагарлъараб мехалъ **гьеб къед Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ракьалда тIад гIодоб лъезе буго бегараб хъарщи гIадин яги ракь гIадин гьабун, жиб букIинего букIинчIеб гIадин. Гьев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабураб къотIиги жиб букIин хIакъаб иш буго.**

Гьелъие щибго хилиплъи гьечIо ва гьеб къотIи тIубазе Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ квалкал гьабулеб щибго жоги гьечIо.

Гьаб бакIалда Зулкъарнайнил къиса тIубана. Яъжуж маъжужазда гIурус мацIалъ «гогом и магогом»-абула. Гьелъул хIакъалъулъ гIемерал къисаби руго. Гьел къисабазе сахIихIаб хIадис бицун гьечIелъул дица гьезул хабар къокъ гьабун тана. Гьелда хадуб ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къоялъул захIмалъаби ва къварилъаби рицунел руго.

۞وَتَرَكۡنَا بَعۡضَهُمۡ يَوۡمَئِذٖ يَمُوجُ فِي بَعۡضٖۖ وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِ فَجَمَعۡنَٰهُمۡ جَمۡعٗا ﴿٩٩﴾

**99. Гьеб къоялъ дица гьезул цо къокъа тана цоги къукъаялда тIаде лъугьунеблъун;**

жидер гIемерлъиялъ цоцалъ жубан, цояз цоял мерхьулеблъун. Гьаб рагIиялъе тафсир гьабулаго гIалимзабаца чамго батIияб рагIи бицун буго. Цо рагIи буго: Къиямасеб къо гIагарлъараб мехалъ доб сангарги биххун яъжуж маъжуж къватIибе бачIуна ва гьел цояз цоял мерхьунаго, гIедегIун гIадамазда тIаде уна, цинги гIадамалги гьелги цоцалъ журан рукIула ва гьелда хадуб къиямасеб къо ч1чIола абун.

Цоги рагIи буго: доб сангаралда нахъа хутIидал гьел яъжуж маъжужал рукIула жалго жидецаго мерхьунел, цоцалъе къацандулел абун.

ЛЪабабилеб рагIи буго: Къиямасеб къоялъ тIаде рахъинаруранаб мехалъ гIадамал рукIуна цоцалъ журан, гIемерлъун, ралъдал карачелалгIадин цоязда тIаде цоял рахунеллъун абун.

**Цинги Исрафилас ссур пула:** гьеб буго къиямасеб къо чIун хадуб пулеб ссур. **Гьеб ссур пураб мехалъ доб тIаде бахъинабураб кинабго халкъ хIисаб-мизан гьабизе гIарасат майданалда данде гьабун БетIергьан Аллагьасда ццебе ч1чIезабула.**

Гьелдасан цебе ссур пураб мехалъ дунялалда тIад вугев кинавго чи хун гIодове ккола. Гьаб кIиабилеб ссур пураб мехалъ гьеб халкъ тIад бахъинабула ва доб ццебе бицараб хIалалъ цоцалъ журан, гIемерлъун, цояз-цоял мерхьунаго эхеде бутIрул рорхун, жидее лъугьунеб жо лъаларого ва жал рачулеб бакIги лъаларого, хIинкъиялъ гIадаллъизарун, гIарасат майданалда рачун гьенир эхетизарула.

**100.101. Дица жагьанамаги загьир гьабула капурал гIадамазе:**

وَعَرَضْنَا جَهَنَّمَ يَوْمَئِذٍ لِّلْكَٰفِرِينَ عَرْضًا ﴿١٠٠﴾ ٱلَّذِينَ كَانَتْ أَعْيُنُهُمْ فِى غِطَآءٍ عَن ذِكْرِى وَكَانُوا۟ لَا يَسْتَطِيعُونَ سَمْعًا ﴿١٠١﴾

халкъ тIаде бахъизабун махIшаралда бакIарулеб мехалъ жужахIалъул дагьабго жо загьир гьабула гьезие, жидеда гьелъул махI чIвазе ва гьелъул цIа бихьизе ва жидер хIинкъи цIик1кIизе.

Дун цохIо вукIиналда тIоритIел гьабулел далилал рихьиялдаса **дунялалда гьезул берал беццал рукIарал,** жидеца гьезул пикру гьабичIел ва гьезул жидее вагIзаги лъугьинчIел. **Жидеда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **каламги рагIулеб букIинчIел,** жидер ракIазул чIегIерлъиялъ, гьезда тIад бугеб хъалалъул биццалъиялъги гьеб каламалъ жидее щибго асарги гьабулеб букIинчIел.

**102. Гьел капурзабазда ракIалда кколебищ бугеб жидеца алагьзабилъун дир лагъзал ккелин абун.**

أَفَحَسِبَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَن يَتَّخِذُوا۟ عِبَادِى مِن دُونِىٓ أَوْلِيَآءَ ۚ إِنَّآ أَعْتَدْنَا جَهَنَّمَ لِلْكَٰفِرِينَ نُزُلًا ﴿١٠٢﴾

Дунги живго тун Дие гьабизе тIадаб гIибадат гьезие гьабилин абун. **Ва гьел авлияаллъун ккун гьезул кумекалда хьул лъун жал хьвадилин абун.** Малаикзаби, ГIузайр ва ГIиса авараг عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ алагьзабилъун ккун жидеца ширк гьабурал гIадамаздехун абулеб рагIи буго гьаб. Жидеда ракIалдайищ кколеб жидее гьеб ширкалъул гIазаб гьабиларин абун? Гьезие дица гIазаб гьабизе буго.

**Х1акълъунго гьезие ахираталда хIадурун буго даимго гьел жанир рук1унеб жужахIалъул цIа. Гьеб буго гьезие бугеб гьоболлъи**

**жидеца гьабураб гIамалалъе жазаълъун.**

**103. Дуца гьезда абе МухIаммад! «Дица нужеда бицинищ щив вугев абун ахираталде щвараб мехалъ жиндир кинабго гIамал гIадада хвараблъун батулев чи?** قُلْ هَلْ نُنَبِّئُكُم بِٱلْأَخْسَرِينَ أَعْمَٰلًا ﴿١٠٣﴾

**104. Гьел руго дунялалъул рукъоб жидеца гьабулеб гIамал батIулаб букIарал гIадамал. Жидеда ракIалдаги кколеб букIарал х1акълъунго жал цIакъ лъикIаб гIамал гьабулел ругин абун.** ٱلَّذِينَ ضَلَّ سَعْيُهُمْ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَهُمْ يَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ يُحْسِنُونَ صُنْعًا ﴿١٠٤﴾

Жидеца Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьабурал, гьесде ширк гьабурал, жидеца Инжил-Тавраталда бугеб хIакъаб жоги бахчун, гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам хисизабун, цинги жал Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабулел ругин абун хьвадарал гIадамал.

Гьаб аяталъ ишара гьабулеб буго жидеда хIакъикъат лъачIого ва жидеца гьеб хIакъикъат лъазе тIалабги гьабичIого Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабулел руго абун жал хьвадулел г1адамазул г1амал г1ададе хвараб бук1иналда. Гьел руго гIадамаз бицунеб рагIараб жоялда нахърилълъун, яги гьез гьабулеб бихьараб жо гьабун, жидеца Аллгьасе гIибадат гьабулеб бугин абун хьвадулел гIадамал. Жал бусурбаби ругин абун хьвадулел гIемерал гIадамал руго, амма гьеб ислам щиб жо бугеблъи жидеда лъаларел.

Жидер БетIергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ сипатал лъаларел, жидеда вит1арав авараг щив вугев лъаларел. Гьел гIадамал как балайилан абунги рукIуна, кIал кколел абунги рукIуна, амма жидеда щибго гьелъул хIикмат лъаларо, гьелъул паризаяб ва суннатаб жо батIа гьабизе лъаларо, арканал ва шурутIал лъаларо. Жидер анкьго микьго сон бараб мехалъ эбел-инсуца малъараб хIалалъ как балел абун рукIуна гьел. Амма гьеб как щиб жо бугеб, гьеб как баялдаса мурад щиб бугеб абун гьез пикру гьабуларо.

Гьаб хирияб Къуръаналда жанир ругел аятал руго жидер магIнаялъ гьаб хадуб рехсараб баян кьолел: капурал гIадамазул цо къокъа букIуна «Гьеб нужеца гьабулеб дин щиб? Гьал хъанчал щал жал кколел?»- абун жидеда гьикъараб мехалъ: «Гьеб нижер умумуз гьабулеб батараб дин буго, нижги гьезда нахърилълъун гьебго дин гьабулел руго»-ян жидеца абулел.

Гьаб мисал буго гIемерисел бусурбабазулги. «Умумузул дин» абураб рагIи шаргIалда рекъон абизе бегьулеб рагIи гьеч1о. Дин букIуна цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб, гьеб дин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расулас صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ малъухъеги гьабула. ГIакъилав балугъув чиясда гурони

таклиф тIалъуларо. Гьесда тIад къала Аллагьас ﷻ жиндие гIибадат гьабе абун.

Гьев гIакъилав балугъав чи тIоцебесеб иргаялда валагьизе ккола гьесда сверухъ бугеб махлукъаталда ва гьелъул хIисаб гьабун гьесда лъазе ккола гьаб махлукъат бижарав Халикъ вукIин. Цинги жинца тIалаб гьабизе ккола гьев Халикъ щив вугев абураб жо лъай. Гьеб лъай жиндие щола Аллагьасул ﷻ калам Къуръаналдаса ва гьесул расул, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммадил суннаталдаса.

Гьеб Къуръан-хIадис лъалел ва гьеб бичIчIулел гIалимзабаздасан тIалаб гьабизе ккола жиндир БетIергьан Аллагь щив, жив щиб мурадалда Аллагьас ﷻ вижарав, жинда дин малъизе витIарав чи щив ва жинца дин кин гьабизе кколеб абурал масъалаби. Гьал масъалабиги лъазаричIого, цо гIадамаз гьабулеб батараб жо гьабулев чи вуго жив ахираталда цIакъ чIового хутIаравлъун вукIине вугев, жиндир гIамалги гIадада хварав, жиндир гIузруги къабул гьабуларев. «Дица дир умумуз гьабулеб батараб дин гьабуна»-ян абураб рагIиялъ гьесие зарал гьабун гурого, хайир гьабизе гьечIо.

ГIакъилав, балугъав чиясда гурони таклиф тIалъуларо абураб рагIиялъул магIна буго гьев чиясда жинца гьабулеб жо лъазе кколин ва жиндир гIамал, Къуръан-хIадисалда борцун, шаргIалда рекъон, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун гьабизе кколин абураб. Рехъалъе хьвадулеб хIайван гIадин дунги гьал гIадамаз гьабулеб жо гьабулев вугин абун хьвадарав чи ахир мекъи ккезе вуго. Гьаб масъала бичIчIа вацал, ва нужеца гьабулеб гIамал шаргIалда борцун гьабе!

Къиямасеб къоялъ БетIергьан Аллагьасда ﷻ ццере цо-цо ккун ч1чIезаризе руго, гьениб хIисаб-мизанги щивав чиясул батIаго гьабизе буго, щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго. Гьеб къиямасеб къо буго эбел-эмен, лъимал-хъизан вац-яцал цоцаде регIулареб къо. Гьеб къоялъ гьаб дунялалда ругел гIадал къокъаби рукIине гьечIо, цониги чи цогидасе кумек гьабулевлъунги вукIине гьечIо. Аллагьас ﷻ нилъалъ цIунаги гьаб Къуръаналда бугеб аяталъ жидер бицен гьабурал гIадамаздаса ратиялдаса: «Жидеца гьабураб гIамал гIадада хварал, жал лъикIаб гIамал гьабулаянги рукIарал!».-абун.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمۡ وَلِقَآئِهِۦ فَحَبِطَتۡ أَعۡمَٰلُهُمۡ فَلَا نُقِيمُ لَهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ وَزۡنٗا ١٠٥

**105. Гьал гIадамал руго ахираталда жидер гIамал батуларел, гьелъул ажро-кири щоларел. Аллагьасул ﷻ каламалда ва ахират букIиналда инкар ккурал, гьеб сабаблъун жидер гIамал**

**гIадада хварал. Къиямасеб къоялъ гьезул Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб щибго къимат букIунаро ва гьезул гIамалазул цIадираялда тIад бакIлъиги букIуларо.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Къиямасеб къоялъ цо чи вачун вачIуна жиндир къаркъала кIудияв, жинца гIемер кваналев, гIемер гьекъолев вукIарав, амма цIадираялда тIад гьесул бакIлъи букIунаро цо кIкIарадал кваркьиялъул гIадабцин»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

ذَٰلِكَ جَزَآؤُهُمۡ جَهَنَّمُ بِمَا كَفَرُواْ وَٱتَّخَذُوٓاْ ءَايَٰتِي وَرُسُلِي هُزُوًا ﴿١٠٦﴾

**106. Гьел гIадамазе бугеб жазаъ жагьаннама буго, гьез Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ ахираталдаги инкар ккун букIиналъе гIоло. Гьез Аллагьасул расулги, гьесда рештIине гьабураб тIехьги гьереси гьабун бугелъул, гьел махсародеги ккун ругелъул.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ كَانَتۡ لَهُمۡ جَنَّٰتُ ٱلۡفِرۡدَوۡسِ نُزُلًا ﴿١٠٧﴾

**107. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иманги лъун, гьесул расуласда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамал, гьезул руссунеб ва рештIунеб бакI букIуна фирдавс алжан. Гьеб буго Аллагьас гьезие хIадурун бугеб гьоболлъи.**

خَٰلِدِينَ فِيهَا لَا يَبۡغُونَ عَنۡهَا حِوَلًا ﴿١٠٨﴾

**108. Даимго рукIинелъун лъугьинарула гьеб фирдавс алжаналде жанире, ва гьезие бокьуларо гьеб алжанги тун, цоги батIияб бакIалда ине.**

Цо бакIалда гIемераб мехалъ ч1чIедал инсанасе гьеб бакI чIалгIун лъугьуна ва цоги батIияб бакI бугеб аниццанги ккола. Гьаб алжаналда жанир абадиялъго ругониги жидеда гьаб чIалгIунаро, гьебги хисун цоги алжан букIинеги бокьуларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Гьеб фирдавс алжан бищунго берцинаб буго, алжаназул бакьулъ бакIги буго гьеб»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Цоги абуна: *«Нужеца Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *нужее алжан кье абун гьарараб мехалъ, нужеца Фирдавс алжан гьаре. Гьеб алжаназул тIадегIанаб буго, ва алжаназда гьоркьобги буго. Гьеб Фирдавс алжаналдаса бай бихьула алжаназул гIоразул чвахиги»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

قُل لَّوۡ كَانَ ٱلۡبَحۡرُ مِدَادًا لِّكَلِمَٰتِ رَبِّي لَنَفِدَ ٱلۡبَحۡرُ قَبۡلَ أَن تَنفَدَ كَلِمَٰتُ رَبِّي وَلَوۡ جِئۡنَا بِمِثۡلِهِۦ مَدَدًا ﴿١٠٩﴾

**109. Дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: Ралъдал лъим букIарабани Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калимаби ва**

**хIикматал хъвалеб щакъилъун.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIажаибал аятал ва гIаламатал хъвалеб, гьев цо вукIиналда тIоритIел гьабулел хIужаби хъвалеб. **Гьеб ральдал лъим тIагIине буго жиндалъун хъвадарун, амма Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калимаби ва хIикматал хъван тIубазе гьечIо. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цогиги гьединалго щакъидал ралъадал рач1аниги хъван тIубаларо Аллагьасул калимаби»-ян.**

ТадегIанав Аллагьас цоги аяталда абуна: «Гьаб ракьалда тIад бугеб щинаб гъветIалъул къалмал гьаруниги, гьаниб бугеб ралъадалда тIаде цогиги анкьго ралъад жубаниги, Аллагьасул калимаби хъван тIубаларо...»-абун. (сурату Лукъман 27 аят). Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъаталда кIоларо жидер Халикъасул сипатал ва пишаби тIубанго лъазаризе, гьезие гIорхъаби чIвазе ва гьезул гъварилъи-камиллъиялда раккизе.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: къурайшияца ягьудиязда абуна гьев МухIаммадида гьикъизе жо лъазабе нижедаян абун. Ягьудияз абуна: «Нужеца гьесда гьикъе рухI щиб жо бугеб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъидал рухI щиб жо бугеб абун, ТIадегIанав Аллагьас аят рештIине гьабуна: «Дуда гьез гьикъулеб буго рухI щибжо бугеб абун….»-абураб (суратул Исраъ 85 аят). Гьаб аяталда жаниб абидалго: «Нужехъе гIелму кьечIо цIакъго дагьаб жо гурони»-абун. Ягьудияз абуна: нижее гIемераб гIелму кьун буго: нижехъе Таврат кьун буго. Жидехъе Таврат кьурал гIадамал гIемераб лъикIлъи кьурал гIадамал ругин абун. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аят рештIине гьабуна (109).

قُلْ إِنَّمَآ أَنَا۠ بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ فَمَن كَانَ يَرْجُوا۟ لِقَآءَ رَبِّهِۦ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَٰلِحًا وَلَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِۦٓ أَحَدًۢا ﴿١١٠﴾

**110. Жидеца дур авараглъи гьереси гьабулел мушриказда дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: Х1акълъунго дун вуго нужедаго релълъарав инсан, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дида Къуръан вахIю гьабурав.**

Дица гьереси бицунеб бугин абурав чияс, гьеб дица нужее цIалулеб Къуръан гIадаб жо гьабеха! Дун бальго жо лъалев чи гьечIо, дица нужеда рицарал къиссаби: асхIабул кагьфи, Муса аврагасул ва Зулкъарнайнил Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дида вах1ю гьабун дица нужеда бицуна бугеб хIакъаб хабар буго.

**Дица нужеда лъазабулебги буго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вугин абун.** Гьесие щивго гIахьалчиги гьечIо, гьев щибго жоялда хIажатавги гьечIо, гьесда аскIоб киналгIаги хъанчаз ва гIадамаз шапагIат ва кумек гьабуларо.

Гьесул хIукму хисизабизе, гьесул амру тIубачIого букIине щибго жоялда к1оларо.

**Жиндие бокьун щив чи вугониги гьев БетIергьан Аллагьгун** جَلَّجَلَالُهُ **берцинаб данд чIвай гьабизе,** Аллагь разилъи ва гьесул нигIматазул алжанал щвезе, **гьев чияс шаргIалда рекъон лъикIаб гIамал гьабе!** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ парз тIубай аварагасул суннаталда нахъвилълъа, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIалал гьабураб хIалал гьабе, гьес хIарам гьабураб хIарам гьабе. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру-нагьюги тIубай.

**Жиндир БетIергьан Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жоги гIахьал гьабуге.** Гьаб кIиго кIудияб рукно буго нилъеца гьабулеб гIамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул гьабизе ккани ва нилъее гьелъул ахираталда ажро-кириги букIине ккани: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргIалда рекъон гIамал гьаби ва гьесие гурони гIибадат гьабун гутIи, гьеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIи.

Жинда Аллагь разилъаяв Шаддад ибну Авсидасан бицараб хIадисалда буго: Дида Аллагьасул расул жинца абулев рагIана: *«Дун цIакъ хIинкъула дир умматалъе балъгояб ширк ва балъгояб шагьват букIиналдасан»-абун. Дица абуна: «Я расулаллагь* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ*! Дур умматалъ ширкищ гьабизе бугеб мун хун хадуб?»-абун. Аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «У, гьабизе буго дир умматалъ ширк. Гьез бакъуеги, моцIроеги, ганчIиеги, хъанчазеги лагълъи гьабизе гьечIо. Гьез рияъ гьабизе буго жидер гIамалазулъ. Балъгояб шагьват буго цо чи кIал ккун вукIаго цо жиндие бокьулеб нигIмат щвараб мехалъ, гьес кIал хвезаби»*-абун. Х1адис имам АхIмадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалдаги буго: *«Аллагьасул рахъалъан бугеб хIадис бицулаго хирияв аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: дун бищунго лъикIав вуго дидахун гIахьал гьарулел жалаздаса. Цо чияс дие абун гIамал гьабураб мехалъ, гьелъулъ дун гуревги гIахьал гьавураб мехалъ, дун гьесул гIамалалдаса вац1цIадав вуго, Гьеб гIамал дидехун гIахьал гьавурасе букIуна»*- абун. Х1адис имам АхIмадица бицана.

Анас رَضِيَٱللَّهُعَنۡهُ асхIабасдаса хIадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна*: «Къиямасеб къоялъ лагъзадерил гIамалал Аллагьасда ццере рачIинарула жидеда тIад мугьру чIварал кагътазда хъван ругеб хIалалъ. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *абула: «Нужеца гьаб гIамал нахъе реххе, гьаб гIамал къабул гьабе»-абун. Малаикзабаца абула: Я нижер БетIергьан! Нижеда гьев чиясдаса лъикIаб гIамал гурони бихьичIо абун. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *абула: «Гьесул гIамал дун разилъи тIалаб гьабулеб бук1инч1о. Дица къабул гьабуларо дун разилъиялъе гьабураб гIамал гурони»*-абун.

Х1адис аль-Баззарица бицана.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги жив разилъи тIалаб гьабун гIамал гьабизе. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIунаги гьитIинаб ва кIудияб ширкалдаса, загьирабги батIинабги купруялдаса.

ГьитIинаб ширк абула Аллагьасе гьабулеб гIибадаталдалъун гIадамал разилъи, гьез мун веццин бокьиялда. РакI бацIцIадго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун дуца гIибадат гьабураб мехалъ, лъикIаб гIамалги гьабураб мехалъ, гIадамаз дуе рецц гьабунин абун гьелъул зарал букIунаро. ГIадамазе берцин вихьизе бокьун гIамал гьабиялда рияъ абула. Гьеб рияъги мунапикълъиялда гIагарлъулеб жо буго. Гьедин бугелъул гьелда цIар тана гьитIинаб ширк абун: жиндалъун инсан исламияб диналдаса вахъичIониги гьеб рияалъ гьесул лъикIаб гIамал гIадада хвезабула ва ахираталда гьесие щибго мунпагIатги гьабуларо.

Исламияб диналдаса къват1ир рахъулеб к1удияб ширк лъабго бат1ияб тайпаялда буго: Т1оццебесеб буго Аллагьгун цадахъ жинца жо бижулев, яги хвезабулев, яги ризкъи кьолев, ва цогидабги иш гьабулев цоги щив вугониги вугин аби.

К1иабилеб буго Аллагь гуреб жоялъе г1ибадат гьаби: масала, хъанчазе, яги хобазе, яги цоги жоялъе г1ибадат гьаби гьеб жоялъ жив Аллагьасде щвеялъе кумек гьабулин абун.

Лъабабилеб буго Аллагьасул ц1аразулъ, яги гьесул сифатазулъ ширк гьаби. Гьелъул маг1на буго: цох1о Аллагьасе гурони гьеч1еб ц1ар цоги жоялъе кьей, яги Гьесул г1адаб сифат цоги жоялъулги бугин аби. Гьелъие мисал буго Аллагьасе г1адин балъгояб жо цо пуланав чиясеги лъалин аби, яги цо щив вугониги чиясул х1ал к1велъи бугин бокьараб иш гьабизеян аби.

Загьираб купру буго Аллагь-аварагасда, ахираталда иман лъунгутIи ва шаргIиял ахIкамал тIубазе инкар гьаби. БатIинияб купру буго рекIелъ иман букIунгутIи. Гьаб купруялда мунафикълъи абула. Гьав цIакъго къосарав чи вуго. Гьасул пикру букIуна жинца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гIадамалги гуккулел ругин, ва амма гьев живго жинцаго гуккарав ах1макъ вуго. Т1адегIанав Аллагь щибго жоялъ гIажиз гьавуларо ва гьесул гIелму-лъаялдаса щибго жо балъгоги хутIуларо.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун суратул Кагьфалъул
тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 19. Сурату Марьям

سُورَةُ مَرْيَمَ

*Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб ункъоялда анцIила микьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталъул мурад буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналъул далилал рицин, гьесда мушрикаца гIунтIизарулел, гьесие мукъсанлъи бачIунел сипатаздасан гьев вацIцIад гьавиги. Ахират букIин, хIисаб-мизан букIин ва жаза гьабизе букIин жидеца мухIкан гьабулел ва гьеб тасдикъ гьабулел аяталги руго гьаб сураталда жанир. Сураталъул аслияб мурад ва гьелъул хIасил буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIин ч1чIезаби, гьесда иман лъезе тIадаб букIин бицин, гьединго хIакъаб нухда тIоритIарал ва х1акъаб нухалдаса къосарал гIадамазул тIабигIатал рицинги.*

*Гьаб сураталда жаниб Аллагьасул свалат салам лъеял аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисабиги руго. Закария аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисаялдаса бай бихьун, гьесул жив херлъараб мехалъ, жиндие лъимерго лъугьинчIей чIужуялъ гьавурав вас ЯхIял عَلَيْهِ السَّلَامُ бицун буго, ТIадегIанав Аллагь жиндир кинабго жоялда хIал кIолев вугелъул, жинда гьарарасул дугIа рагIулев вугелъул, гьев Закариял дугIа къабул гьабун кьуна гьесие ЯхIя абулев вас, гьев авараглъунги вукIана.*

*ГIажаибал жалазда жинца щвей гьабулеб Марьямил къиссаги буго гьаб сураталда жаниб. ГIолилай ясалъ щивго чи жинда аскIов къачIого вас гьавуна гIадамазе мугIжизатлъун букIине ва гьез, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къудраталда, гьесул хIалкIолъиялда божун иман лъезе. Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесул инсул къиссаги буго. ИсхIакъ, ЯгIкъуб, Муса, ИсмагIил, Идрис, НухI аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къиссабаздаги баккабахъи гьабун буго. Гьал аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къиссаби рициялъул мурадги буго гьел киналго цо диналдалъун рачIарал рукIин бицин. Гьеб динги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави буго, гьев гуреб жоялъе гIибадат гьабизе бегьун гутIиги буго.*

*Къиямасеб къоялъул биценги гьабун буго, гьелъул захIмалъаби ва къварилъаби рехсон руго. Сураталъул ахиралда мушрикаца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIунтIизарулел сипатаздаса гьев вацIцIадав вукIиналъе далилал рицун руго.*

*Сураталда цIар тана: «Сурату Марьм» абун. КIудияб мугIжизат жиндаса загьирлъарай Марьямил цIар нахъе цIунун, гьеб кIоченч1ого букIине. Гьеб мугIжизатги буго: эмен гьечIого вас гьави ва гьев вас*

*жив гьит1инав, мацI бицине мех щвеч1ев вугеб мехалъго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кIалъазави. Цогиги ГIиса аварагعَلَيۡهِٱلسَّلَامُ гьавиялдалъун загьирлъарал гIажаибал умуралги руго.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Каф, Гьа, Я, ГIайн, Ссад.** كٓهيعٓصٓ ۝١

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупаздалъун бугеб жиндир мурад. Къуръан жинца инсан гIажиз гьавулеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам букIиналда тIоритIел буго гьел хIурупаздалъун гьаб сурат бай бихьиялъулъ.

**2. Гьаб буго дур БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир лагъ Закария аварагасе عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ гьабураб рахIматалъул бицен.** ذِكۡرُ رَحۡمَتِ رَبِّكَ عَبۡدَهُۥ زَكَرِيَّآ ۝٢

Дица дуе гьеб бицунеб буго МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, дуца умматалъе гьелдалъун вагIза гьабизе ва гьезда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIал кIолъиялдасан цо-цо жо лъазе ва гьелдалъун муъминзабазул иман цIикIкIизе.

**3. Гьев Закарияца عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ жиндир БетIергьанасда ахIараб гIужалъ: гьаракь борхичIого, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун дугIа гьабураб мехалъ.** إِذۡ نَادَىٰ رَبَّهُۥ نِدَآءً خَفِيّٗا ۝٣

ДугIа гьабулеб мехалъ гьеб балъго гьаби ва хIелун гьаби Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жаваб кьеялда гIагараб буго, рияалдаса рикIкIадабги буго.

**4. Закарияца дугIаялъулъ абуна: Я дир БетIаргьан! Дун херлъун вуго, къуватги дагьлъун буго, дир яхI бахъиги загIиплъун буго. Дир бетIералда тIад хъахIрасги тIибитIун буго.** قَالَ رَبِّ إِنِّي وَهَنَ ٱلۡعَظۡمُ مِنِّي وَٱشۡتَعَلَ ٱلرَّأۡسُ شَيۡبٗا وَلَمۡ أَكُنۢ بِدُعَآئِكَ رَبِّ شَقِيّٗا ۝٤

Бакъвараб харида цIа рекIунеб гIадин хехго бижун гьеб расалъ бетIер цIезабун буго. **Дица дуда гьарараб мехалъ дуца дир дугIаялъе жаваб кьечIогоги течIо.** Дуца дие кидаго лъикIлъи гьабуна, гьанжеги дица дуда ахIи балеб буго ва дуца дир дугIаялъе жаваб гьабиялда хьулги буго.
Сахаватав ва къадрояв чияс цин лъикIлъи гьабураб мехалъ цогиги лъикIлъи гьабулеб гIадат буго. Гьедин бугелъул Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие ццебекун гьабураб лъикIлъиялъ Закариял хьул лъезабуна гьанжеги жиндир дугIаялъе жаваб гьабиялда.

**5. Х1акълъунго дун хIинкъун вуго дунги хун нахъе хутIарал дир гIагарал гIадамаз, дир ирс босулез ва дир бакIалда чIун валилъи гьабулез, дин** وَإِنِّي خِفۡتُ ٱلۡمَوَٰلِيَ مِن وَرَآءِي وَكَانَتِ ٱمۡرَأَتِي عَاقِرٗا فَهَبۡ لِي مِن لَّدُنكَ وَلِيّٗا ۝٥

**гIадада хвезабилин абун,**
гьез дидаса босараб гIелмуги авараглъиги цIуниларин ва гьеб цогидаб халкъалъухъе щвезабиларин абунги. **Дир чIужуги йиго жинца лъимер гьабуларей. Гьей херлъун кIодолъун йиго. Гьаб кинабго иш гьадин бугониги дуца дие цо лъикIаб лъимер кье Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**, дир амруялъул валилъун, гьелъул варислъун жив вукIунев.**

**6. Жинца дир ирс босулев ва ЯгIкъубил агьлуялъул аварагзабазул** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ирс босулев.**

يَرِثُنِي وَيَرِثُ مِنۡ ءَالِ يَعۡقُوبَۖ وَٱجۡعَلۡهُ رَبِّ رَضِيّٗا ٦

Жив авараглъун вукIунев ва жинца гьал ццересел аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гIелму ва гIакъло ирсалъе босулев. Гьаниб боцIи-малалъул ирс босиялдаса хабар гьечIо. Аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ тарикат (гьез нахъе тараб магIишат) ирсалъе бикьуларо, гьеб муъминзабазе садакъаялъе уна. **Дуца гьев вас мун жинда разиявлъунги гьаве дир БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**.**
Ар-рази абулев гIалимас абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв Закария аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ жиндие вас кье абун дугIа гьабилелде ццебе лъабго жо гьабуна: Жив загIиплъун вукIин бицана, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир цониги дугIа нахъе чIван букIинчIеблъиги бицана, жинца тIалаб гьабулеб жо диналъе маслахIаталъе гIоло букIин бицана. Гьелдаса хадуб гурони жиндир хIажат баян гьабичIо ва жиндие цо вас кье абун абичIо. Гьелдалъун Закарияца бихьизабуна жив жиндирго гьунаралда божарав гьечIевлъи, жиндир амру Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ тIамурав вукIин. Гьеб буго дугIаялъе жаваб гьабиялъе сабабги.

7. Цинги ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан гьесда хитIаб гьабуна: **Я Закария! Х1акълъунго Дица дуда рохел бицунеб буго дуе ЯхIя абун жинда цIар бугев вас гьавизе вугин абун. Гьеб ЯхIя абураб цIар гьанжелъизегIан цоги чиясда лъечIеб буго.**

يَٰزَكَرِيَّآ إِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلَٰمٍ ٱسۡمُهُۥ يَحۡيَىٰ لَمۡ نَجۡعَل لَّهُۥ مِن قَبۡلُ سَمِيّٗا ٧

ТIадегIанав Аллагьас жинцаго лъуна гьев васасда цIар, эбел-инсуда тIамун течIого. Гьеб гьесие бугеб хиралъи ва камиллъи буго.

**8. Закарияца абуна: «Я дир БетIергьан! Дие лъимер кин букIунеб дир чIужу лъимер гьабуларей йигеб мехалъ, х1акълъунго дунги херлъун мугъ къуларав чи вугеб мехалъ»-абун.**

قَالَ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي غُلَٰمٞ وَكَانَتِ ٱمۡرَأَتِي عَاقِرٗا وَقَدۡ بَلَغۡتُ مِنَ ٱلۡكِبَرِ عِتِيّٗا ٨

Гьесул нусиялда къого сон букIана, гьесул чIужуялъулги нусгоялда

гIагарун сонал рукIана. Жиндие вас гьавизе вугин абураб мехалъ жинца роххел загьир гьабун, киндай жидее гьев вас гьавизе вугев абун гьабулеб гIажаиблъи буго Закариял عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьаб гIажаиблъи, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда божичIого бугеб гIажаиблъи гуро.

قَالَ كَذَٰلِكَ قَالَ رَبُّكَ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ وَقَدْ خَلَقْتُكَ مِن قَبْلُ وَلَمْ تَكُ شَيْـًٔا ﴿٩﴾

**9. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Гьадин бугоха дир амру:** нуж херлъун ругониги нужее цо иман бугев, баракат бугев вас гьавизе. **Гьаб ишги дие цIакъ бигьаяб амру буго. ХIакълъунго дица мунги вижана гьанжеялдаса ццевего щибго жо букIинчIеб бакIалдаса»-абун.**

Мун вижиги, дуе вас гьавиги ва цогидаб жо гьабиги дие захIматаб амру букIунаро. Дие цо жо бокьараб мехалъ гьеб жо букIуна ва гьелдалъун дида щолеб щибго свакайги захIмалъиги букIунаро.

قَالَ رَبِّ ٱجْعَل لِّيٓ ءَايَةً ۚ قَالَ ءَايَتُكَ أَلَّا تُكَلِّمَ ٱلنَّاسَ ثَلَٰثَ لَيَالٍ سَوِيًّا ﴿١٠﴾

**10. Закарияца абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие цо гIаламат гьабе дир чIужу къинай лъугьараблъи дида лъалеб»-абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Дуе гIаламат буго мун гIадамазда кIалъачIого вукIин лъабго сордоялъ тIатIалаго, мун сах-саламатги вукIаго»-абун.**

Гьаб лъабго сордогун цадахъ лъабго къоги букIуна. Гьев Закариял عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ мацI ккуна гIадамазда кIалъаялдаса. Жинца тасбихIги гьабулеб букIана, Тавратги цIалулеб букIана, амма гIадамаздехун кIалъазе бокьараб мехалъ мацI ккун чIолеб букIана.

فَخَرَجَ عَلَىٰ قَوْمِهِۦ مِنَ ٱلْمِحْرَابِ فَأَوْحَىٰٓ إِلَيْهِمْ أَن سَبِّحُوا۟ بُكْرَةً وَعَشِيًّا ﴿١١﴾

**11. Гьеб мацI ккураб мехалъ Закария михIрабалда вачIана ва жинца гIадамаздехун ишара гьабун гьезда бичIчIизабуна нужеца радал бакъанида Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тасбихI ва сужда гьабе абун ва ццебеги гьабулеб букIараб хIалалъ гIибадат гьабе абун.**

МихIраб абула масжидалда жаниб букIунеб жамагIаталъе имамлъи гьабизе ва гьезие вагIза гьабизе имам (дибир) чIолеб бакIалда.

Цинги гьев Закариясе вас гьавун гьев кIудияв гIураб мехалъ ва жинда хитIаб гьабизе ва таклиф гьабизе бегьулеб гьев лъугьидалго, ТIадегIанав Аллагьас гьесда абуна:

يَٰيَحْيَىٰ خُذِ ٱلْكِتَٰبَ بِقُوَّةٍ ۖ وَءَاتَيْنَٰهُ ٱلْحُكْمَ صَبِيًّا ﴿١٢﴾

**12. «Я ЯхIя, дуца гьаб Таврат кодобе босе ва гьелда тIад бугеб жоги лъазабе цIакъ яхI бахъун, гьелда гIамалги гьабе»-абун. Дица гьев ЯхIя аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIелму ва**

**гIакълу кьуна жегиги гьев гьитIинавго вугеб мехалъ.**

Жив балугълъилелдего гьесда лъалеб букIана Таврат цIализе ва гьениб бугеб жоялда рекъон хIукму гьабизе. Жинда дандиял гIисинал лъималаз нижгун цадахъ васандизе вачIаян абураб мехалъ, ЯхIяца абулеб букIана: «Дун васандизе вижарав гьечIо»-абун.

وَحَنَانًا مِّن لَّدُنَّا وَزَكَوٰةً وَكَانَ تَقِيًّا ﴿١٣﴾

**13. Дица гьеб ЯхIя аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **кьураб гIелму ва хIикмат буго гьесул эбел- инсуе гьабураб гурхIел ва гьитIинаб къоялдасанго ЯхIя вацIцIад гьавуна гIодорегIанал тIабигIатаздаса. Гьев Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъарав лагълъунги вукIана.**

Жинца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабулеб гIибадат бацIцIад гьабурав, жинца кидаго мунагь-хатIаъ гьабичIев ва гьеб гьабизе къасдги гьабичIев вукIана.

وَبَرًّا بِوَالِدَيْهِ وَلَمْ يَكُن جَبَّارًا عَصِيًّا ﴿١٤﴾

**14. Жинца эбел-инсуе лъикIлъи гьабулевги вукIана,** гьезие щибго рихараб жо гьабичIев. **Жив чIухIаравлъун, Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасиявлъунги вукIинчIо.**

وَسَلَٰمٌ عَلَيْهِ يَوْمَ وُلِدَ وَيَوْمَ يَمُوتُ وَيَوْمَ يُبْعَثُ حَيًّا ﴿١٥﴾

**15. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан салам буго ва кIодо гьавиги буго гьев ЯхIя аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **жив гьавураб къоялъ, жив холеб къоялъги ва жив къиямасеб къоялъ тIаде вахъинабулеб мехалъги.**

Гьаб лъабго бакI буго инсан жиндилъ цIакъ загIипавлъун вукIунеб, жиндир Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ хIажалъиги г1емераб букIунеб. Гьеб лъабго бакIалда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ч1чIун вуго ЯхIя аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ квербакъулевлъун ва гьесда бичIчIизабулеб буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин жиндир тадбир гьабулев, жинда хъаравуллъи ккун вугев ва жиндие щибго хIинкъи ва къварилъи гьечIеблъи.

Жинда Аллагь разилъаяв ХIасанул Басриясдаса бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв ГIиса ва ЯхIя авараг данделъараб мехалъ, ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: Я ЯхIя! Дуца БетIергьан Аллагьасда гьаре дир мунагьал чуре»-абун. ЯхIяца абуна: «Мун лъикIав вуго дидасанги, дуца гьаре Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ дурги дирги мунагьал чуре»-абун. ГIисаца абуна: «Мун лъикIав вуго дидаса. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуда салам гьабуна, дида салам дицаго гьабуна»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб Закариял къисса рехседалго: жинда жаниб гIорхъолъан арал херал рос-лъадиялъе жиндилъ баракат бугев, жив авараглъун вукIунев

вас гьавиялъул хабар бицараб, гьелда нахъ регIизабун, гьелдасанги гIажаибаб Марьямил къисса бицана.

Гьей Марьям йиго ГIимранил ва ХIанат бинту Къафузил яс. Гьай ХIанатил яц ИшагI йикIана Закариял чIужу. Марьямил вас ГIисае ИшагIил вас ЯхIя эбелалъул вацгIал вукIуна. Цоги рагIи буго Закариял чIужу ГIимранил яс йикIана абураб. ГIимранил яс ккола ГIиса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ эбел Марьямил яц. Гьаб рагIиялда бан ЯхIяги ГIисаги кIиявго эбелдахъан вацгIалзаби ккола. Гьаб рагIи битIарабги буго.

وَٱذۡكُرۡ فِي ٱلۡكِتَٰبِ مَرۡيَمَ إِذِ ٱنتَبَذَتۡ مِنۡ أَهۡلِهَا مَكَانٗا شَرۡقِيّٗا ١٦

**16. Дуца Къуръаналда жаниб бице МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Марьямил къисса. Гьей Марьям жиндир агьлуялдасан рикIкIалъун Байтул-мукъадасалъул бакъ баккул рахъалдехун араб гIуж бице.**

Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабизе жийго цохIо хутIизе ва жиндие лъилго квалкалги гьечIого букIине.

فَٱتَّخَذَتۡ مِن دُونِهِمۡ حِجَابٗا فَأَرۡسَلۡنَآ إِلَيۡهَا رُوحَنَا فَتَمَثَّلَ لَهَا بَشَرٗا سَوِيّٗا ١٧

**17. Гьеб бакIалда ч1чIун, жиндир агьлоялдаги жиндаги гьоркьоб пардавги гьабун гIибадат гьабулей Марьям йикIадго, дица гьелда тIаде витIана дир расул Жабраил малаик عَلَيْهِ السَّلَامُ ва жив гьелда цеве вачIана сахав бихьинчиясул сураталда.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Жабраил عَلَيْهِ السَّلَامُ малаик гьелда цеве вачIана жиндир гьумер берцинав, хъахIав, расги кIургIарав (кьурарав) сахав гIолохъанчиясул сураталда. Гьев инсанасул сураталда вачIиялъе сабабги буго Марьям хIинкъичIого йикIине жинда бихьичIеб ва лъалареб сураталда жинда цеве Жабраил вачIараб мехалъ. Дос бицунеб жоялда жий гIенеккизе ва гьесие жаваб гьабизеги кIвезе. Гьей жиндир черх ва напс цIунарай йикIин бицунеб буго жинда цеве берцинав гIолохъанчи вачIун вихьараб мехалъ жинца Аллагьасдалъун جَلَّ جَلَالُهُ цIуни гьариялъ гьев гIолохъанчиясул квешлъиялдаса.

قَالَتۡ إِنِّيٓ أَعُوذُ بِٱلرَّحۡمَٰنِ مِنكَ إِن كُنتَ تَقِيّٗا ١٨

**18. Марьямица абуна: «Х1акълъунго дица Аллагьасдалъун цIуни гьарулеб буго дур заралалдаса. Мун Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъулев чи ватани** дида аскIов къаге ва дун жийго тун дурго унеб рахъалда а»-абун.

قَالَ إِنَّمَآ أَنَا۠ رَسُولُ رَبِّكِ لِأَهَبَ لَكِ غُلَٰمٗا زَكِيّٗا ١٩

**19. Жабраил عَلَيْهِ السَّلَامُ малаикас абуна х1акълъунго дун вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе мунагь-хатIаалдаса вацIцIадав вас**

**кьезе вугин абун духъе витIарав расул.**

**20. Марьямица абуна: «Кин дие вас вукIунев ва дица кин гьев гьавулев дида щивго инсанги хъатIичIеб мехалъ.**

قَالَتْ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي غُلَٰمٌ وَلَمْ يَمْسَسْنِي بَشَرٌ وَلَمْ أَكُ بَغِيًّا ﴿٢٠﴾

Дун росасе арай чIужу гьечIо, дун зина гьабурайги гьечIо»-абун.

**21. Жабраилас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Гьадин бугоха БетIергьанасул амру, дуе вас гьавизе жиндие эмен гьечIев. Гьеб амруги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ бигьаяб жо буго.**

قَالَ كَذَٰلِكِ قَالَ رَبُّكِ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ وَلِنَجْعَلَهُۥٓ ءَايَةً لِّلنَّاسِ وَرَحْمَةً مِّنَّا وَكَانَ أَمْرًا مَّقْضِيًّا ﴿٢١﴾

Щибго жо гьечIеб бакIалда гьаб кинабго гIалам бижарав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ эменги гьечIого лъимер гьаби кIудияб амру гьечIо ва гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо.

**Гьеб лъимер гьаби буго гIадамазда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъи лъаялъе сабаблъун букIине ва гьезие рахIматлъунги букIине:** гьев вас халкъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялда ахIулев авараглъун вукIун, гьесдалъун гьел гIадамал битIараб диналда тIоритIулев. **Гьаб Марьямица вас гьавизе бугеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадарги жиб тIубараб хIукму буго жиндие хиси гьечIеб ва нахъе бахъин гьечIеб.**

**22. Цинги Марьямил ургьибе лъимер гьабизе бугеб къинай чIей лъугьана ва гьей жиндир агьлуялдаса рикIкIадаб бакIалде ана.**

۞فَحَمَلَتْهُ فَٱنتَبَذَتْ بِهِۦ مَكَانًا قَصِيًّا ﴿٢٢﴾

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Жабраил عَلَيْهِ السَّلَامُ малаикасулги Марьямилги цоцазде гьабулеб калам тIубараб мехалъ Жабраилас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьелъул гордеялъуб хIухьел пуна ва гьеб хIухьел Марьямил ургьибе лъугьун гьей къинай лъугьана. Жий къинай лъугьи лъараб мехалъ гьей жиндир агьлоялдаса рикIкIадаб бакIалда ун гьений яхчун ч1чIезе къасд гьабуна. Гьей хIинкъана жинда рогьоб баялдаса гьеб къинлъи кин ккараб лъалареб жиндир агьлуялъ.

**23. Гьеб сагIаталда** (яги ичIго моцIалъ къинайлъун йикIун хадуб) **гьелда лъимер гьабиялъул хIара чIван, гьеб унтиялъ гьалаг гьаюн Марьям бакъвараб чамастакил гьветIалде тIаде яччана ва жинца абуна: «Вай дида бугеб хIал! Дун хун йикIарай ани гьаб амру дида тIаде бачIиналда цеего ва дун гIадамазда кIочон тунги йикIарай ани»-абун.**

فَأَجَآءَهَا ٱلْمَخَاضُ إِلَىٰ جِذْعِ ٱلنَّخْلَةِ قَالَتْ يَٰلَيْتَنِي مِتُّ قَبْلَ هَٰذَا وَكُنتُ نَسْيًا مَّنسِيًّا ﴿٢٣﴾

Марьямида лъалеб букIана гьей цониги чияс ритIухъ гьаюлареблъи жинца бицараб хабаралъулъ, жиндие гIемер къварилъи гьабизе букIинги гьеб лъимер сабаблъун. Гьеб къавмалъе Марьям цIакъ гIибадат гьабулей, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда тIад чIарай гIадан йикIин лъалеб букIаниги, кодоб лъимергун гьей ццее ячIараб мехалъ жидеца гьелда зиначIужуян абизе букIана. ГIадамазул тIабигIат буго цIакъ хехго жидеца гIайиб чIвалеб, щибго гIузру бачизе къасд гьабулареб. Гьаб цIакъ квешаб тIабигIат буго. Муъминзабазул тIабигIат букIине ккола диналъул вацасдаса цо квешаб жо бихьараб мехалъ жидеца гьесие гIузру бачунеб ва гьесда гурхIулеб.
Цо хабар буго: «Нужеда цо диналъул вацасдаса квешаб жо бихьараб мехалъ нужеца гьесие гIузру бачун лъабкъоялда анцIго батIияб гIалла бице»-абун.
Гьев чи гьалатIлъун ватила, гьапуллъун ватила, гьесдаса лъачIого ккун батила, гьев цояз гуккун ватила абун гIузру бачизе рекъараб буго муъминчиясдаса шаргIалда рекъечIеб жо ккараб мехалъ.

**24. Гьелда хитIаб гьабун чамастакил гъветIалъул гьоркьияб рахъалдаса малаикас абуна:**

فَنَادَىٰهَا مِن تَحْتِهَآ أَلَّا تَحْزَنِى قَدْ جَعَلَ رَبُّكِ
تَحْتَكِ سَرِيًّا ٢٤

Цоги гIалимзабаца абуна: ГIиса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьавун гIодов лъун вукIана ва гьев ГIисаца абуна абун. **Мун пашманлъуге, я Марьям гьаб амруялда.** Гьалда жаниб БетIергьан Аллагьасул кIудияб хIикмат буго. **Дур БетIергьанас дуда гъоркьехун чвахулеб лъим баккизе гьабун буго.** Дуца гьелдаса гьекъезе ва рацIцIалъи гьабизе.

**25. Дуца гьаб чамастакил гъветIалъул бакъвараб гIаркьел дудехун ц1ц1ай, гьелдаса дуда тIаде гIатIгояб, гьуинаб чамастак гьарщун бачIине буго.**

وَهُزِّىٓ إِلَيْكِ بِجِذْعِ ٱلنَّخْلَةِ تُسَٰقِطْ عَلَيْكِ
رُطَبًا جَنِيًّا ٢٥

Гьаб бакъвараб, тIад щибго пихъ гьечIеб чамастакил гъветIалъул гIаркьел Марьямица цIцIараб мехалъ гьелда тIад чамастак бижи цоги гIаламат буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб ва хварал гIадам чIаго гьаризе рукIиналда тIоритIел гьабулеб.

**26. Дуца гьеб гьуинаб, лазатаб чамастак кванае, берцинаб, цIорораб лъимги гьекъе. Мун гьаб лъимер гьабиялдаса разилъун йикIа, мун гьелда пашманлъуге.**

فَكُلِى وَٱشْرَبِى وَقَرِّى عَيْنًا ۖ فَإِمَّا تَرَيِنَّ مِنَ
ٱلْبَشَرِ أَحَدًا فَقُولِىٓ إِنِّى نَذَرْتُ لِلرَّحْمَٰنِ
صَوْمًا فَلَنْ أُكَلِّمَ ٱلْيَوْمَ إِنسِيًّا ٢٦

**Дуда гIадамазул цониги чи вихьараб мехалъ ва гьес дуда гьаб лъимералъул хIакъалъулъ гьикъараб мехалъ, дуца абе: «Х1акълъунго дица Аллагьасе кIал кквезе назро гьабун буго, дун жакъа щивго чиясда кIалъазе гьечIо»-абун.**

Гьеб заманаялъ гIадамазда кIалъачIого ч1чIун кIал кколеб гIадат букIана. Исламияб диналда жаниб гьединаб кIал кквей гьечIо. Марьямида кIалъачIого ч1чIа абиялъул хIикмат букIана ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ кIалъан гьес гIейи гьабизе букIин Марьямида гIадамаз лъезе букIараб бугьтан тIаса инабизе.

**27. Цинги Марьям жиндир агьлуялъухъе ячIана гьев ГIисаги кодов ккун, гьевги ваччун.**

فَأَتَتْ بِهِۦ قَوْمَهَا تَحْمِلُهُۥ ۖ قَالُوا۟ يَٰمَرْيَمُ لَقَدْ جِئْتِ شَيْـًٔا فَرِيًّا ﴿٢٧﴾

Лъимер гьабун хадуб чанго къо араб мехалъ ячIана: жий яцIцIалъараб мехалъ, черхги сахлъараб мехалъ. Гьей Марьям кодоб лъимергун ячIараб мехалъ, гьелъул агьлуялъе гьеб цIакъ квешаб жолъун бихьана **ва жидеца абуна: «Я Марьям! х1акълъунго Мун цIакъ кIудияб амруги босун ячIанаха нижеда тIаде;** гьаб лъимер кин дуца гьабураб? Мун росасеги инчIей яс йикIана гурищ?»-абун.

**28. Я Гьарунил яц!**

يَٰٓأُخْتَ هَٰرُونَ مَا كَانَ أَبُوكِ ٱمْرَأَ سَوْءٍ وَمَا كَانَتْ أُمُّكِ بَغِيًّا ﴿٢٨﴾

Гьарун аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ релълъун гIибадат гьабурай ва лъикIаб гIамалги гьабурай. **Дур эмен квешав чи вукIинчIо.** Ва гьесдаса къабихIаб пишаги бихьичIо. **Дур эбелги жинца зина гьабулей йикIинчIо.** Дудаса кин ккараб гьаб сурукъаб иш, мун бацIцIадаб хъизаналда гьоркьой гIурай лъикIаб насло тухумалъул гIаданги йикIадго?

Тафсиралъул гIалимзабазул цо къокъаялъ абуна: гьав Гьарун Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ вац гьечIо, гьав вуго Марьямил заманаялъ вукIарав жиндир лъикIлъи, рацIцIалъи ва гIибадат машгьурав чи. Гьев вукIана Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялъулъ жинца цIакъ яхI бахъулев чи, Марьямги гьесдаго релълъун гIибадат гIемерай ва Аллагь разилъи тIалаб гьабулей йикIана.

**29. Цинги Марьям гьезие жаваб кьун кIалъачIо ва жинца ГIисадехун ишара гьабуна: «Гьав вас кIалъазаве»-абун. Доз абуна: «Нижеца кин кIалъазавулев гьанжего гьанже гьабураб, киниялда жаниб бугеб гьитIинаб лъимер»-абун.**

فَأَشَارَتْ إِلَيْهِ ۖ قَالُوا۟ كَيْفَ نُكَلِّمُ مَن كَانَ فِى ٱلْمَهْدِ صَبِيًّا ﴿٢٩﴾

Ар-рази абулев гIалимас абуна: гьаб калам гьабулеб мехалъ эбелалъул

керен хахулев вукIарав ГIисаца عَلَيْهِ السَّلَامُ гьеб керен хахи тана ва гьел гIадамазедехун вуссана.

**30. ГIисаца абуна: «Х1акълъунго дун вуго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъ.** Дун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вижана жиндир къудраталдалъун эменги гьечIого **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIукму-къадарги буго дихъе тIехь кьезе ва дун авараглъун гьавизеги.**

قَالَ إِنِّي عَبْدُ ٱللَّهِ ءَاتَىٰنِيَ ٱلْكِتَٰبَ وَجَعَلَنِي نَبِيًّا ﴿٣٠﴾

**31. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дун гьавун вуго дидаса гIадамазе лъикIлъи ва баракат щолевлъун киве дун вугониги ва киве дун рештIаниги.** Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасул баракат букIана жиндир эбелалъе цIорораб лъимги гьуинаб пихъги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьей. Гьединго гьесул баракат букIана гьаб пасихIаб каламги гьабун жиндир эбел Марьямидаса гIадамазул щаклъи нахъе инаби. **Дида Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **амруги гьабун буго дица какги бай ва закатги кье абун, дун чIаго вугебгIан мехалъ.**

وَجَعَلَنِي مُبَارَكًا أَيْنَ مَا كُنتُ وَأَوْصَٰنِي بِٱلصَّلَوٰةِ وَٱلزَّكَوٰةِ مَا دُمْتُ حَيًّا ﴿٣١﴾

**32. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дун гьавун вуго дир эбелалъе лъикIлъи гьабулевлъун. Дун гьавун гьечIо гIамал кIудияв зулмучилъун ва Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар кколев бахьикъослъунги.**

وَبَرًّۢا بِوَٰلِدَتِي وَلَمْ يَجْعَلْنِي جَبَّارًا شَقِيًّا ﴿٣٢﴾

**33. Дида Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **салам буго ва гьесул цIоб-рахIматги буго дун гьавураб къоялъги, дун холеб къоялъги ва къиямасеб къоялъ чIаго гьавун тIаде вахъинавулеб къоялъги»-абун.** Гьаб буго ГIиса аварагас гьабураб калам жив гьитIинаб лъимерлъунги вукIун. Гьалдасан хадуб гьес калам гьабичIо жив кIудияв гIун кIалъазе лъалев лъугьун гурони. Гьадин загьир гьабуна ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жив Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъ вукIин. Гьев аллагь гьечIо, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ васги гьечIо, лъабгоязул цоявги гьечIо: гьаб кинабго батIулаб дагIба буго ва Аллагьасдехун جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабиги буго. Насраниязул жидеца Инжил хисизе гьабурал кашишаз ургъараб хабар буго гьеб.

وَٱلسَّلَٰمُ عَلَيَّ يَوْمَ وُلِدتُّ وَيَوْمَ أَمُوتُ وَيَوْمَ أُبْعَثُ حَيًّا ﴿٣٣﴾

**34. Гьав чи вуго Марьямил вас ГIиса. Гьаб буго гьесул хIакъалъулъ абулеб битIараб рагIиги гьесул х1акъалъ жал**

ذَٰلِكَ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ قَوْلَ ٱلْحَقِّ ٱلَّذِي فِيهِ يَمْتَرُونَ ﴿٣٤﴾

**хилиплъун ругелг1адамазе.**

Насранияз абухъе алагь яги Аллагьасул ﷻ вас гьечIо ГIиса. Ягьудияз абухъе зинадал лъимерги гьечIо. Зинадал лъимер авараглъун вукIунаро.

Ас-Судию абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас цониги чIужугIаданалъул цIар рехсечIо Къуръаналда жаниб цохIо ГIимранил яс Марьямил гурони. Гьелъул цIар рехсон буго лъеберго нухалъ. Гьелъул хIикмат бицун кIудиял гIалимзабаца абуна: ханзабаца ва чIухIарал гIадамаз жидер руччабазул цIар бахъуларо гIадамазда гьоркьоб: дир хъизан, дир лъади абун гурони. Гьелдалъун жидеца жидерго ва жидер руччабазул къадро кIодо гьабула. Гъарабашазул цIар гьез рехсола, гьеб рехсеялъул щибго кIвар гьабуларо.

ТIадегIанав Аллагьас Марьямил цIар рехсана гьей Аллагьасул ﷻ лагъ йикIин загьир гьабун ва тасдикъ гьабун, гIарабияз жидер гъарабашазул цIар рехсеялда релълъун. Цинги ГIиса аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ рехсана эбелалда гIунтIизавун: «Марьямил вас ГIиса»-абун. Гьев ГIиса Аллагьасул ﷻ вас гьечIеблъи лъазабун, гьесул эбел Марьям ягьудияз гьелда гIунтIизабулеб бугьтаналдаса яцIадай йикIинги лъазабун.

Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасул ва гьесул эбел Марьямил къисса бицунаго, Ибнукасирица бицараб хабаралъул къокъаб хIасил буго гьаб:

Марьям йиго ГIимранил яс, Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ наслоялдаса жий йигей. Гьелъул эбелалъ Аллагьасда ﷻ дугIа гьабун: «Дуца дие цо баракат бугеб лъимер кье, дица гьеб Байтул-мукъадасалъул масжидалъе хъулухъ гьабизе назро гьабун кьезе буго"-абун букIана.

Цинги жинца яс гьайидалго гьелда Марьям абун цIарги лъуна гьей хьихьизе ва гIелму-дин малъизе Закария аварагасухъе عَلَيْهِ السَّلَامُ кьун йикIана. Гьев Закарияда йикIарай чIужу Марьямил яц йикIана. ГьитIинай яс йигеб мехалъго Марьямил караматал загьирлъун рукIана: Закария аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ гьей йигеб рокъоб жаниб риидал хасалил пихъ батулаан, хасало роол пихъги батулаан. «Гьаб пихъ киса дуе щвараб»-абидалго, Марьямица абулеб букIана: «Гьеб дие Аллагьас ﷻ кьураб буго»-абун. Гьей Марьям гьитIинаб къоялдаса Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIарай йикIана ва Байтул Мукъадасалъул масжидалда жаний ч1чIун гьеб масжидалъе хъулухъ гьабулей йикIана.

ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб мехалъ Марьямил лъимерлъун гьавун ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ загьир гьавизе, гьей доб масжидалда жаний ч1чIун, масжидалъул бакъ баккул рахъалда бугеб хIужраялда гIадамаздаги жиндаги гьоркьоб пардав гьабун гIибадат гьабулей йикIадго гьелда

цеве вачIана Жабраил عَلَيْهِ السَّلَامُ малаик: берцинав, сахав гIолохъанчиясул сипаталда.

АскIов чи гьечIого, агьло хъизаналдаса рикIкIалъун йигей Марьям цIакъ хIинкъана гьев чи жиндие квешлъи гьабизе вачIарав чи ватила абун ва жинца абуна: «Дица дир БетIергьан Аллагьасда гьарулеб буго дур квешлъиялдаса дун цIуне абун. Мун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божулев, гьесдаса хIинкъулев чи ватани дуца дие зарал гьабиларо»-абун. Марьямида лъалеб букIана рекIелъ дагьабниги иман бугев чи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIар бахъараб мехалъ ва гьесул гIазабги ракIалда щвезабураб мехалъ жинца квешлъи гьабиялдаса нахъ чIвалеблъи.

Гьев чияс абуна: «Дун дуе квешлъи гьабизе вачIарав чи гьечIо, дун вуго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул, дуда рохел бицине витIарав, дуца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде халкъ ахIулев расуллъун жив вукIинесев вас гьавизе вуго»-абун. Гьеб рагIи рагIидал Марьямил хIинкъи тIаса ана ва гьелда гьеб хIинкъи гIажаиблъиялъ кIоченабуна, цинги гьелъ абуна: «Гьебго щиб хабар? Дица вас кин гьавулев дида жегиги бихьинчиясул кверцин хъатIунги гьечIого. Дун россасул чIужуги гьечIо, зина гьабулейги гьечIо!»-абун.

Дов чияс абуна: «Дун дуда гьеб хабар босун витIарав расул вуго, гьеб лъимер дуца гьабизе букIинги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму буго, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго. Гьесие жиндир мурад тIубазе кинабгIаги алат ва сабаб къваригIунаро. Щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб махлукъ бижарав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дуца эмен гьечIого лъимер гьаби гIажаибаб жо гьечIо»-абун.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабураб хIалалъ Жабраил малаикас عَلَيْهِ السَّلَامُ Марьямил гордеялъул рагьараб бакIалда жиндир хIухьел пуна (биччана) ва гьаб хIухьел Марьямил чорхолъе лъугьун гьелда лъана жиндир рахIмоялда жаниб цо жо лъугьараблъи.

Къуръаналда жаниб цоги аят буго: «Жинца жиндир парж (гIаврат) цIунарай, цинги дица гьеб паржалда жаниб дир рахъалдаса рухI пурай»-абун. Гьаб рагIиялъ тIад гьабуларо Жабраил малаикас гьелъул паржалъулъ хIухьел пуй. Гьеб буго ахIмакъав чияс гурони абулареб рагIи ва гьаб буго тIадегIанаб макъамалда (малаикзабазда ва аварагзабазда) гIунтIизабизе бегьулареб рагIи.

Жабраил малаикас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьелдахун вуссун пураб хIухьел ТIадегIанав Аллагьас гьелъул паржалъуб щвезабуна ва гьелда лъана гьениб жаниб цо жо лъугьин. Гьаб «хIухьел пуялдаги» щибго хIажалъи гьечIо: Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цо жо лъугьизе бокьараб мехалъ гьебжо лъугьула. Гьаб буго нилъее бичIунеб мисал бачун ва нилъер гIакълуялда релълъараб

жо бицун, Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда нилълъ кантIизарулеб заман.

Гьаб амру тIубан хадуб Марьям Аллагьасул ﷻ хIукму къадаралда разилъун гьесул амру къабул гьабун ч1чIана ва амма жиндие гIадамаз гьабизе бугеб питна лъан, гьезие щиб жавабдай кьелеб ва щибдай жинца гьабилеб абун ургъаликье ккана. Марьямица жиндие ккараб жо жиндир яц ИшагIида бицана. Гьеб заман букIана Закария аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда ﷻ гьарун, Аллагьас ﷻ гьесие лъимер гьабизе ИшагI къинай гьаюраб заман. Марьям жинда тIаде ячIараб мехалъ гьей ИшагIица гьелда габуний хурхун жий лъимер гьабизе къинай лъугьун йиго абун бицана. Марьямицаги гьелда жиндирги Жабраил малаикасулги къисса бицана. Гьеб рукъ аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва рацIцIадал гIадамазул рукъ букIиндал, ИшагI Марьямил хабаралда божана ва кIияйго рекъон гьеб хабар балъго тана.

Аллагьасул ﷻ хIикматал рицунаго жинда Аллагь разилъаяв имам Маликица абуна: дихъе щвараб гIелмуялда рекъон ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва ЯхIя авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелдахъа вацгIалзаби руго. Гьел кIиялго цадахъ рукIана жидер улбузул чохьонирги. Цо нухалъ ЯхIял эбелалъ абуна: «Я Марьям! Дида гьаб дир чохьониб бугеб лъимер бихьулеб буго дур чохьониб бугеб лъимералъе жинца сужда гьабулеблъун»-абун. Гьаб букIине ккола ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ЯхIя аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас ﷻ хира гьавун вукIиналъе гIаламат.

ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго жидеда «улул-гIазми» абун цIар тарал щуго къадро кIудиял аварагзабазул цояв,. Гьелъул магIна буго: «Жидер иман къвакIарал, яхI бахъи гучал ва Аллагьасул ﷻ амру тIубазабиялда тIад чIарал»-абураб. Гьев щуго аварагги НухI, Ибрагьим, Муса, ГIиса, МухIаммад аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ руго, киназдаго Аллагьасул свалат салам лъеял. ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндихъ тIехь кьурав, жиндие кIудиял мугIжизаталги кьурав расул вукIана. Марьямица бицараб хабаралдаги буго: «Дун гIадан гьечIеб бакIалда цохIого йигеб мехалъ. ГIиса عَلَيْهِ السَّلَامُ дида хабар бицун гаргалев вукIана, гьев чохьонив вугеб мехалъго, ГIадамазда гьоркьой дун йигеб мехалъ дида гьев Аллагьасе ﷻ тасбихI гьабулев рагIулев вукIана»-абун.

ГIалимзаби хилиплъун руго ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалъул чохьониб кигIан заман бараб абураб рагIиялъулъ. Гьезул цо къокъа буго: гьей къинай лъугьун гьоркьоб гIемер заманго инчIо ва гьей масжидалдаса къватIий яхъун, гьеб масжидалъул бакъ баккул рахъалда бугеб ахикь жаний лъагьанин ва гьениб жинца лъимер гьабунин абулел. Гьазул рагIи босулеб бакIги буго ТIадегIанав Аллагьас Марьямил ургьибе

хIухьел пуялда хадуб цузабун гьелъ лъимер гьабиялъул хабар бицун букIин.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: дун вуго гIадамазул бищунго лъикI лъалев насранияз жидер къиблалъун бакъ баккул рахъ щай гьабурабали. Гьеб буго жидер авараг ГIиса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавураб рахъ-абун. Ай ГIиса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавизе Марьям масжидул Акъсаялъул бакъ баккул рахъалдехун индалго, гьеб бакъ баккул рахъ насранияз жидер къиблалъун ккуна.

ГIемерисел гIалимзаби жинда рекъараб ргIи буго ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалъул ургьиб микьго яги ичIго моцI банин, ва цинги гьев гьавунин абураб. Гьаб ргIиялъе далилгIадин буго Марьямилги гьелъул яц ИшагIилги къисса, гьединго гьеб ргIи ритIухъ гьабулеб буго масжидалъе хъулухъ гьабулев вукIарав, Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъарав лагъ Юсуфу-нажжар абулев чиясул хIакъалъулъ бицараб къиссаги.

Гьев Юсупу-нажар Марьямил чехьалъул хис-баси бихьидалго, гьелъул ягъа-ячари бакIлъулеб, чехьги кIодолъулеб бихьидалго жив гьелда щибго жо абизе ва гьелъул хIакъалъулъ ракIалда квешаб жо ккезецин хIинкъун вукIана. Гьесда лъалеб букIана гьелъул рацIцIалъи ва Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъи. Кин бугониги вас-вас гIемерлъун, хивалал рекIелъ хIалтIун жив мунагьалъукь кколев вукIиндал, гьес хIукму гьабуна Марьямида кIалъан лъикIин гьеб жинда бихьулеб амруялъул хIакъалъулъ абун.

Цо къоялъ Юсупица абуна: «Я дир яц Марьям! Дица дуда цо жо гьикъизе буго дуца гIайиб чIвачIони ва дуца изну къуни»-абун. Марьямица абуна: «Щиб жо бугеб гьеб?»-абун. Юсипица абуна: «Цониги гъветI букIунищ ракьулъе гагаги рехун бижараб гурони? Хьон хьачIого хур бижулеб гIадат бугищ? Эмен гьечIого лъимер гьабулищ?»-абун.

Марьямида бичIана Юсупица жиндие кьолел суалазул мурад ва гьелъ абуна: «Дица жаваб кьела дуе. ГъветIги хурги гага ракьулъ рехичIого ва хьон хьачIого бижулиш абураб ргIиялъе жаваб буго: ТIадегIанав Аллагьас бищун цебе гъветIги хурги бижизабулеб мехалъ гьеб бижизабуна гагаги гьечIого мугьги гьечIого. Эменги гьечIого лъимер букIунищ абураб дур ргIиялъе жаваб буго ТIадегIанав Аллагьас Адам авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вижана эбелги эменги гьечIого-абун. Цинги Юсупица гьей ритIухъ гьаюуна ва гьелъул хIакъалъулъ жинда тIаде бачIунеб букIараб щакклъиги тIаса ана.

Жиндир чохьониб лъимерги кIодолъидал, гIадамазда балъго гьабун, бахчун хутIулареб хIал жиндир амруялъулги лъугьиндал, Марьямица къасд гьабуна жиндир агьлу-хъизаналдаса рикIкIалъун чIезе.

ИбнуисхIакъ абулев гIалимас абуна: Марьямил черхалда загьирал гIаламатал лъугьана гьей къинай йикIин лъалеб: гьелъул кьер хисана, черх загIиплъана, кIал мацI гьорон унтун лъугьана. Гьел киналго гIаламатал Марьямида загьирлъидалго Закария аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ агьлуялда тIад цIакъ кIудияб къварилъи бачIана. Гьеб бацIцIадаб агьлуялъул хIакъалъулъ бануисраилаз чорокал харбал рицана ва Марьямида бугьтан лъуна гьей дов Юсупидаса къинай лъугьун йиго абун.

Цинги Марьям ана масжидалъул бакъ баккул рахъалда бугеб ахикьехун. ГIемерисел гIалимзабазул рагIиялда рекъон гьей ана бакъ баккул рахъалда бугеб жидер агьлуялдаса рикIкIад бугеб «БайтулахIми» абулеб росдал ахикье. Гьаб рагIи буго жиб машгьураб рагIи ва гьеб «БайтулахIми» буго ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавураб бакIлъун рикIкIунеб росо.

Гьеб ахикь йикIадго жинда лъимер гьабизе хIара чIвана ва жий унтиялъ гIедегIизайидалго цо бакъвараб чамастакил гъветIалда тIадги яччун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ зигардана: «Гьаб къо тIаде бачIилелдаса дун хунго йикIарайани ва гIадамазда кIочарай, лъазего лъаларейги йикIарай ани»-абун.

Гьеб хIалалда йикIадго Марьямица лъимер гьабуна ва гьелда ахIулеб гьаракь рагIана: «Я Марьям! Мун пашманлъуге! Мун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда гъоркь йиго, гьесул квербакъиги буго дуе, дуда щибго зарал хъатIизе гьечIо ва щивго чияс дуе къварилъиги гьабизе гьечIо. Дуца лъим гьекъезе берцинаб, бацIадаб лъим баккизабун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб бакIалда аскIоб.

Дуца квер бегьун бакъвараб чамастакил гъветIалъул гIаркьел багъаризабуни, гьенисан дуда тIаде гьарщун бачIине буго барщараб, гьуинаб ва лазатаб чамастак. Дуца гьеб бацIцIадаб ва цIорораб лъим гьекъе, гьелдалъун дурго черхалъе рацIцIалъиги гьабе. Гьеб барщараб лазатаб чамастакги кванае. Дуе гьеб кIиялъго гIейи гьабизе буго ва мун цоги щибго жоялда хIажалъизе гьечIо.

Дуца дур ракIги парахат гьабе, дур васасдалъун мун ёххунги йикIа. Гьев вуго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хириял расулазул цояв. Гьесдалъун халкъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда тIобитIизе буго. Мун дур агьлуялда яги цоги чиясда йихьараб мехалъ ва гьез дур хIалги цIехараб мехалъ дуца гьезда щибго рагIи бицунге. Дуца гьезие ишара гьабун бичIчIизабе мун кIалъалареб кIал кквеялъ кIал ккун йигин абун. Гьезда дур вас кIалъазе вуго ва гьезие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб цоги гIаламат бихьизе буго, дуда чIвалеб гIайибги тIаса ине

буго»-абун.

Гьаб калам гьабурав чи Жабраил малаик вуго абуна гIемерисел гIалимзабаз. Гьеб каламалъул цо бутIа ГIисал рагIаби руго абулел гIалимзабиги руго.

Цинги Марьям ГIисаги кодов ккун жиндир къавмалъухъе ячIана. Гьезие гьеб цIакъ кIудияб амру букIана, жидеда тIаде нич бачIунеб жоги букIана. Гьедин бугелъул гьез Марьямида абуна: «Мун цIакъ кIудияб амруги босун ячIанаха нижеде тIаде. Нижер гьаб рукъ ццебегоялдаса нахъе аварагазабазул рукъ буго. Гьаб рокъоса ничаб жоги загьирлъун букIинчIо. Мунги цIакъ лъикIай яс йикIана. Мун релълъун йикIана жиндир цIар машгьурав гIабид Гьарунида»-абун. ГIабид абула жинца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулев, дунял тIалаб гьабуларев, жиндир лъикIлъи гIемерав чиясда.

Марьямица гьезда щибго рагIи абичIого жиндир каранда хахулев вугев васасдехун ишара гьабуна: Гьасдехун гьабе нужеца калам, дун кIал ккун йиго абун. Жиндир къавмалъ абуна: «Гьев васас щиб жаваб нижее кьелеб жегиги бералги рагьичIеб гьитIинаб лъимералъ»-абун.

ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ хахулеб керенги жибго тун гьездехун вуссун калам гьабуна: «Дун вуго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъ, дихъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тIехь кьезе буго ва дун расуллъунги вукIине вуго. ТIадегIанав Аллагьас дун баракат бугевлъунги гьавизе вуго ва дун кив вугониги гьеб бакIалда баракат ва рахIмат букIине буго. Дида Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабун буго дица гьесие гIибадат бацIцIад гьабе абун, гьесие какал рай абун ва паризаяб закат кье абунги. ХвезегIан дун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда тIад чIараздаса вукIине вуго, дир эбелалъе лъикIлъи гьабулездасаги вукIине вуго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун гьавун вуго гурхIел рахIмоялъул авараглъун, дун гьавун гьечIо гIамал кIудияв зулмучилъун ва бахьикъосарав капурчилъун.

ТIадегIанав Аллагьас дун киналго гIадамазда релълъун жиндие гIибадат гьабизе вижун вуго ва дун хвезавун ахираталда тIадеги вахъинавизе вуго. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIоб рахIмат ва салам буго дида инсанасе бищунго захIматал гIужазулъ: Эбелалъ дун гьавураб гIужалъ, дун хвезабулеб къоялъги, ахираталда хIисаб-мизаналъе тIаде вахъинавулеб къоялъги»-абун.

Гьаб буго Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасул къисса хирияб Къуръаналда бугеб гьесул бецен данде гьабун къокъ гьабун рехсараб. Нилъеца иман лъола гьав ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул вукIана абун. Нилъеца инкар гьабула гьев ГIисал хIакъалъулъ ягьудияз ва насранияз рицунел гьересиял харбазда ва жидеца гьесда гIунтIизе

гьабулеб Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ширк кколеб жоялдаса: гьев Аллагь вуго абун, Аллагьасул вас вуго абун. Гьаб нилъер игIтикъад (рекIел чIей) буго гьаб хадуб бугеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламалдаса босараб.

مَا كَانَ لِلَّهِ أَن يَتَّخِذَ مِن وَلَدٍ سُبْحَٰنَهُۥٓ إِذَا قَضَىٰٓ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٣٥﴾

**35. ТIадегIанав Аллагьас жиндие вас кколаро, гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо. Аллагь вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго гьаб жагьилаб, ахIмакъаб къавмалъ бицунеб хабаралдаса. Жиндие цо амру бокьараб мехалъ Х1акълъунго Аллагьас "кун" (бук1а) абураб рагIи абула ва гьесие бокьараб жо гьеб лахIзаталъ лъугьуна.**

وَإِنَّ ٱللَّهَ رَبِّى وَرَبُّكُمْ فَٱعْبُدُوهُ ۚ هَٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ﴿٣٦﴾

36. Гьев ГIиса аварагас عَلَيْهِٱلسَّلَامُ къаввмалда абураб рагIи буго: **«Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго дир БетIергьан ва нужер БетIергьан. Нужеца гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабе гIибадат. Гьеб буго битIараб нух ва хIакъаб дин»-абун.**

Гьев ГIисаца абичIо жив Аллагь вугин, жиндие гьабе гIибадат абун, жив Аллагьасул вас вугинги абичIо.

فَٱخْتَلَفَ ٱلْأَحْزَابُ مِنۢ بَيْنِهِمْ ۖ فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن مَّشْهَدِ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿٣٧﴾

**37. Гьев ГIиса аварагасул** عَلَيْهِٱلسَّلَامُ **диналда ругел гIадамал жалго хилиплъана гьесул хIакъалъулъ** ва жидеца гьесда гIунтIизабун гьереси бицана. **ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго капурал гьезие къиямасеб къоялъулъ хIисаб мизан ва жазаъ гьабулеб мехалъ.**

أَسْمِعْ بِهِمْ وَأَبْصِرْ يَوْمَ يَأْتُونَنَا ۖ لَٰكِنِ ٱلظَّٰلِمُونَ ٱلْيَوْمَ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٣٨﴾

**38. ЦIакъ жо бихьулелллъун ва цIакъ жо рагIулелллъун рукIине руго гьел капурзаби ва мушрикал дида ццере рачIулеб къоялъ. Амма гьел залимзаби гьаб дунялаллъул рукъор гIамал кIодолъиялда руго ва баянабго къосинада жанирги руго.**

Тарихалъул гIалимзабаца абуна: Костантин абулев ханас насраниязул киналго гIалимзаби данде гьарун цIакъ кIудияб мажлис гIуцIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна кIиазаралда кIинусго гIадав гIалимчияс. Гьезда ццебе лъураб масъала букIана ГIиса аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ хIакъалъулъ цо гIаммаб рагIиялда рачIа абун. Амма гьел кутакаб хилиплъиялъ цоцаде хилиплъана ва гьезул рагIиги данде ккечIо. Гьел гIалимзабазул лъабнусиялда микьго чи рекъана цо рагIиялда ва ханас гьел тIаса рищана жиндир улкаялда жаниб хIукму гьабизе.

Гьев Костантин философ вукlана ва гьес тlаса рищарал гlалимзабиги гьесул гlакълуялда рекъарал рукlана. Цогидал киналго гlалимзабиги нахъе къотlун, гьеб къокъаялда божилъи гьабун, гьаз гьабураб хlукму х1алт1изабизе къасд гьабуна Костантин ханас. Гьеб заманалъ цlакъ насраниязул къуватги цlикlкlана, гьел гlалимзабаца Инжилги жидеего бокьухъин хисизабуна, ракьалда тlадги жидее бокьараб хlукму хьвадизабуна. Шамалъул ва Румазул улкабазда гьеб мехалъ анцlила кlиазарго килиса (церковь) бана.

**39. Дуца гlадамазе хlинкъи кье Мухlамад** ﷺ**, жал цlакъ хlасратлъулеб къоялъул амруялдалъун.** وَأَنذِرْهُمْ يَوْمَ الْحَسْرَةِ إِذْ قُضِيَ الْأَمْرُ وَهُمْ فِي غَفْلَةٍ وَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٩﴾

Хlасратлъи буго гучаб пашманлъи, гьеб къоги буго къиямасеб къо. Гьеб къоялъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гlасилъараб халкъ хlасратлъула жидеца иман лъун лъикlаб гlамал гьабун букlарабанищ абун. **Гьеб къоялъ кинабго хlукму тlубан букlуна** ва кинабго халкъ хlисаб-мизан гьабун хадуб цоял алжаназда жанир цоял жужахlалда жанир даимго рукlинелъун лъугьинарун рукlуна. **Ва амма купру-ширкалъул агьлу гьаб амруялдаса гъапуллъун руго ва жидеца къиямасеб къоялда иман лъоларелги руго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Абусагlид алХудриясдасан бицараб халатаб хlадисалда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абулеб буго: *«Алжаналъул агьлу алжаналде лъугьинабидал, жужахlалъул агьлу жужахlадеги лъугьинабидал, хвел бачун бачlуна кlудияб куялъул сураталда ва гьеб ч1чlезабула алжаналдаги жужахlалдаги гьоркьоб бакlалда. Цинги алжаналда бугеб халкъалдехун ахlула: «Нужеда гьаб жо щиб бугеб лъалищ?»- абун. Гьел къватlирехун бутlрул раккизарун ралагьула ва гьез абула: «Гьеб жо хвел буго»-абун. Цинги гьеб куй жужахlалъул агьлуялдаги бихьизабула, гьезги тасдикъ гьабула гьеб жо хвел букlин. Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *амру гьабун гьеб бакlалда куй хъола ва ахlулев чияс ахlула: «Я алжаналъул ва жужахалъул агьло! Тlокlаб хвел абулеб жо букlине гьечlо, нуж даимго гьенир жанир рукlине руго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Гьаб рагlи абун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаниб цебе хъвараб (39 аб) аят цlалана.

**40. Хlакълъунго дун вуго гьаб кинабго ракь ва гьелда тlад бугеб кинабго жо ирсалъе босулев.** Гьаниб тlад бугеб кинабго халкъги хун буссуна гьеб ракь ва إِنَّا نَحْنُ نَرِثُ الْأَرْضَ وَمَنْ عَلَيْهَا وَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ﴿٤٠﴾

гьелда тIад бугебщинаб жо Т1адег1анав Аллагьасде. **Киналго гIадамазул ахирияб руссинги дида аскIоб буго.** Дица хIисаб-мизан гьабун гьезие жазаъ гьабизе буго.

Гьаб бакI бугелъул Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасул къиса лъугьун цоги къиса бицине бай бихьулеб бакI, гьаниб рехсезе рекъараб буго хирияв аварагасул ﷺ хIадис. Жинда Аллагь разилъаяв ГIубадат ибну Ссамитица бицараб хIадисалда рекъон Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расулас абуна:

*«Жинца нугIлъи гьабурав чи жиндие лагълъи гьабизе хIакъав щивго чи гьечIо цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони, жив цогояв, жиндие гIахьалчи гьечIев. ХIакълъунго МухIаммадги ﷺ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъ ва гьесул расул вуго абун. ГIисаги عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъ вуго ва гьесул расул вуго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Марьямида бицараб рагIиги буго, Аллагьасул рухIги вуго абун. Алжанги хIакъаб буго, жужахIги хIакъаб буго абун: - гьав чи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ алжаналда жанив лъугьинавула, гьес щиб гIамал гьабун бугониги»*-абун. Х1адис Бухарияс ва Муслимица бицана.

وَٱذۡكُرۡ فِي ٱلۡكِتَٰبِ إِبۡرَٰهِيمَۚ إِنَّهُۥ كَانَ صِدِّيقٗا نَّبِيًّا ٤١

**41. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб Ибрагьим аврагасул хабар бице МухIаммад ﷺ. Х1акълъунго гьев Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ цIакъ ритIухъав вукIана жиндир кинабго гIамалалъулъ ва авараглъунги вукIана.**

Гьесда цIар буго Халилуллагь абун гьелъул магIна буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гьудул абураб. Гьав Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вугелъул гIарабиязулги эмен, гьел гIарабиял кантIизе бокьун бицунеб буго Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисса. Ибрагьимил عَلَيْهِ السَّلَامُ наслоялъул ругин жаланги абулел, хъанчазе лагълъиги гьабулел ругелъул гьел гIарабиязул мушрикал, гьезда бицунеб буго Ибрагьим хъанчазе лагълъи гьабулев вукIинчIин абун. Гьев вукIана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ва бац1цIадаб диналда гIадамал ахIулев авараг. Гьебго дин буго гьал мушриказ жинда инкар ккурав МухIаммад ﷺ аварагас жинде ахIулеб динги.

إِذۡ قَالَ لِأَبِيهِ يَٰٓأَبَتِ لِمَ تَعۡبُدُ مَا لَا يَسۡمَعُ وَلَا يُبۡصِرُ وَلَا يُغۡنِي عَنكَ شَيۡـٔٗا ٤٢

**42. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир инсуда абураб гIуж рехсе: «Я дир эмен! Дуца щай гIибадат гьабулеб жинда щибго жо бихьулареб, щибго жо рагIулареб ва дуе кинаб рахъалъан бугониги кумекги гьабулареб хъанчалъе.**

يَٰٓأَبَتِ إِنِّي قَدۡ جَآءَنِي مِنَ ٱلۡعِلۡمِ مَا لَمۡ يَأۡتِكَ فَٱتَّبِعۡنِيٓ أَهۡدِكَ صِرَٰطٗا سَوِيّٗا ٤٣

**43. Я дир эмен! Мун дида нахъвилълъа ва дица малъараб жо гьабе. Х1акълъунго дихъе бачIун буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ**

**рахъалъан духъе жиб бачIинчIеб гIелму:** цохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьаби буго гьеб. **Дица мун битIараб нухда тIовитIизе вуго ва хIакъаб диналде вачине вуго.**

**44. Я дир эмен! Дуца щайтIаналъе гIибадат гьабуге, х1акълъунго гьеб щайтIан буго жиб Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **гIасилъараб.**

يَٰٓأَبَتِ لَا تَعۡبُدِ ٱلشَّيۡطَٰنَۖ إِنَّ ٱلشَّيۡطَٰنَ كَانَ لِلرَّحۡمَٰنِ عَصِيّٗا ﴿٤٤﴾

Гьеб чIухIана Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабизе ва щайт1аналъ гIадамалги ахIула гьесде гIасилъиялде.

Киназдаго лъалеб жо буго щайтIаналъе цониги чияс лагълъи гьабулареблъи. ЩайтIаналъул макруялъ гуккун гьелда нахърилълъуна ва гьелъие мутIигIлъун Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъула. Гьаб щайтIаналъе мутIигIлъиялда цIар тана гIибадат гьаби абун. Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъун цоги щиб бугониги жоялъе мутIигIлъараб мехалъ гьеб букIуна гьеб жоялъе гIибадат гьаби.

**45. Я дир эмен! Дуда Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазаб щвела абун хIинкъулев вуго дун. Цинги мун вукIунаха щайтIаналъул гьудуллъун.**

يَٰٓأَبَتِ إِنِّيٓ أَخَافُ أَن يَمَسَّكَ عَذَابٞ مِّنَ ٱلرَّحۡمَٰنِ فَتَكُونَ لِلشَّيۡطَٰنِ وَلِيّٗا ﴿٤٥﴾

Гьебгун цадахъ дуе гIазаб гьабулевлъунги вукIула ва даимго жужахалда вукIула мун, гьеб купру-ширкалда вукIадго хвараб мехалъ.

Пахру-рразихи абулев гIалимас абуна: Ибрагьим аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир калам: «Я дир эмен»- абун бай бихьиялда жаниб инсудехун бугеб рокьи ва гурхIел загьир гьаби буго. Жиндир эмен иман лъеялда ахIиялъулъ ва гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялде вачиналъулъ Ибрагьимица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ берцинаб насихIат гьабулеб буго ва жиндир пасихIлъи бихьизабулеб буго.

Жиндир каламалъул <u>бай бихьуда</u> Ибрагьимица эмен кантIизавулев вуго хъанчазе лагълъи гьаби батIулаб жо букIиналда. <u>КIиабизе</u> жинца абулеб буго мун дида нахъвилълъа, дица мун хIакъаб диналда тIовитIизе вуго абун. Жагьилияб, беццаб гIамал жибго тун хIакъаб жоялда гIенекке ва гьеб босе абулеб буго. <u>Лъабабизе</u> жинца кантIиезавулев вуго щайтIаналъе мутIигIлъизе бегьун гутIиялда, гьеб Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъараб букIиналда. <u>Ункъабизе</u> ва ахиралда гьев инсуе хIинкъи кьолеб буго жив хIакъаб диналда вачIинчIони щайтIабигун цадахъ жужахIалда вукIине бегьулин абун.

Гьадинаб берцинаб калам гьабун жив Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда ахIараб мехалъ. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ азалияб гIелмуялъулъ жив шакъиявлъун

(капуравлъун) вугев Азарица кьолеб жаваб буго жиндир купруялда релълъараб, жинда жаниб гIакъло ва гIелму гьечIеб.

قَالَ أَرَاغِبٌ أَنتَ عَنْ ءَالِهَتِي يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ لَئِن لَّمْ تَنتَهِ لَأَرْجُمَنَّكَ وَٱهْجُرْنِي مَلِيًّا ﴿٤٦﴾

**46.** Ибрагьимил эмен Азарица **абуна: мун дир алагьзаби къваригIинчIев, гьездаса вуссаравищ вугев, Ибрагьим? Дуца гьеб гIамал течIони, мун дир алагьзабазда квешаб хабар бицуневги вугони, х1акъльунго дица мун ганчIал речIун вачахъизе вуго ва мун дида аскIосан нахъе а абадиялъго тIад вуссунареб бакIалда»-абун.**

Жиндие берцинаб насихIат гьабураб мехалъ гьелда данде капурчияс гьадинаб жаваб гьабула. Гьаб буго иманалъул гIакъиллъи, хIалимлъи ва хIеренлъи бихьизабулеб, ва купруялъул хъачIлъиги, гурхIел гьечIолъиги бихьизабулеб бакI. ЦIакъ баянаб мисал буго гьеб кIиго цоцазда данде кколареб сипаталъе: купруялъе ва исламалъе.

Гьадинаб гурхIел гьечIеб хабар жинда бицаниги Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIакъло хисичIо, гьесул иманалъул нур жегиги гвангъана.

قَالَ سَلَٰمٌ عَلَيْكَ سَأَسْتَغْفِرُ لَكَ رَبِّيٓ إِنَّهُۥ كَانَ بِي حَفِيًّا ﴿٤٧﴾

**47. Ибрагьимица абуна: дуе салам буго,** дидаса дуе щибго зарал гьечIо ва хъачIлъиги гьечIо. Мун дир эмен вугелъул дуе квеш букIунеб жо дица гьабиларо. **Дица дир БетIергьан Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **дур мунагьал чуре абун ва дуда гурхIа абун дугIаги гьабила. Х1акъльунго гьев Аллагь дида цIакъ гурхIулев вуго ва дир амруялъул кIвар гьабулев, гьеб лъикI гьабулев вуго.**

Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир инсуе дугIа гьабуна гьев иманалда тIовитIе абун, ва гьесул мунагьал чуре абун. Ва гьеб дугIа гьабулеб букIана гIемераб заманаялъ жинца инсуе гьабураб къотIи тIубазабулевлъун вукIун. ТIадегIанав Аллагьас Ибрагьимида عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ лъазабураб мехалъ гьев дур эмен Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущман вуго абун, гьес инсуе лъикIаб дугIа гьаби жибго тана.

Исаламалъул авалалда муъминзабацаги гьабулеб букIана жидер гIагарал чагIазе дугIа, гьел мушрикал ругониги. ТIадегIанав Аллагьас лъазабуна: «Нуж Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ нахърилълъа, Гьес жиндир инсуе дугIа гьабизеян гьабураб къотIиялда нахърилълъуге»-абун. Гьаб рагIиялъул магIна буго: капурзаби иманалда тIоритIе абун дугIа гьабизе бегьула, амма капурзабазул мунагь чуре, гьезда гурхIа абураб дугIа гьабизе бугьуларо.

Хадубги Ибрагьимица абуна:

وَأَعْتَزِلُكُمْ وَمَا تَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَأَدْعُواْ رَبِّى عَسَىٰٓ أَلَّآ أَكُونَ بِدُعَآءِ رَبِّى شَقِيًّا ﴿٤٨﴾

**48. Дица нужги, нужеца жиндие лагълъи гьабизе хIакъав Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги гьанир тела ва дун нужедаса рикIкIадаб бакIалде ина. Дица дир Бет1ергьанасе гIицIаб гIибадат гьабила, дица гьесда гьари ва хIелиги гьабила. Дун божарав вуго дир БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дица гьабураб лъикIаб гIамал гIадада хвезабиларин абун ва дун бахьикъосаравлъунги гьавиларин абун».**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагас жиндир ватIанги, агьлуги тана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло, гьезул купру-ширкалдаса лъутун. ТIадегIанав Аллагьас Ибарагьим цохIого течIо ва гьев гIадада хвезавичIо. Жиндир букIаралдасаги гIемерго лъикIаб хъизанги, ватIанги кьуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие.

فَلَمَّا ٱعْتَزَلَهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَهَبْنَا لَهُۥٓ إِسْحَٰقَ وَيَعْقُوبَ ۖ وَكُلًّا جَعَلْنَا نَبِيًّا ﴿٤٩﴾

**49. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَام жиндир эменги, цогидаб агьлуги рикIкIад гьабун тараб мехалъ, гьез ТIадегIанав Аллагьги тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги тараб мехалъ, дица гьев Ибрагьимие ИсхIакъ абун вас кьуна. Хадув гьесул вас ЯгIкъубги кьуна. Гьев кIиявго дица авараглъунги гьавуна.**

Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَام Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун Шамалъул ракьалде араб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие аварагзабазул умумуллъун ругел лъимал кьуна. Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гIарабиязул эмен ИсмагIил Ибрагьимие гьавун вукIана ИсхIакъ гьавиялдасан анцIила анкьго соналъ цеве ва гьев жиндир эбел Гьажаргун цадахъ Маккаялда вукIана. Нусго соналда гIагарун заман барай, жеги цониги лъимерги гьабичIей Ибрагьимил чIужу Сарат къинай лъугьизе гьаюн Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие ИсхIакъ абурав вас кьуна ва гьелдалъун гьезул ракI боххизабуна.

وَوَهَبْنَا لَهُم مِّن رَّحْمَتِنَا وَجَعَلْنَا لَهُمْ لِسَانَ صِدْقٍ عَلِيًّا ﴿٥٠﴾

**50. Дица гьел киназего: Ибрагьимие, ИсхIакъие ва ЯгIкъубие дир рахIматалдаса дунялалъул ва диналъул лъикIлъи кьуна.**

Авараглъи кьуна, гIелму кьуна, лъикIаб насло кьуна ва хIалалаб ризкъиги кьуна. **Ва дица гьезие киналго умматазда жаниб ва диназда жаниб берцинаб рехсей гьабуна.** Къиямасеб къо бачIинегIан

Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесул агьлуялда свалат битIи буго бищунго кIудияб ва берцинаб рехсей. Гьединго щибаб диналда жаниб гьезул берцинал тIабигIатал рицун, гьезул Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавилъун бугеб дин бицун гьезие гьабулеб рецц ва кIодолъи буго.

وَٱذۡكُرۡ فِي ٱلۡكِتَٰبِ مُوسَىٰٓۚ إِنَّهُۥ كَانَ مُخۡلَصٗا وَكَانَ رَسُولٗا نَّبِيّٗا ﴿٥١﴾

**51. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисса бице МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. Х1акълъунго Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIадамаздаса жиндихъе рисалат кьезе тIаса вищарав, жинца гьесдехун калам гьабурав. Гьединго Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ умматалда расуллъун витIарав авараг.**

Расул абула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндихъе хассаб шаригIатги кьун цо умматалда витIарав аварагасда. Гьесухъе тIехь кьун букIизе бегьула, кьечIого бикIинеги бегьула. Авараг абула (наби) жинда хасаб шаригIат гьечIого жиндасан щцерехун рукIарал яги живгун цадахъ вугев расуласул шаригIаталда уммат ахIулев чиясда. Аварагзаби нусиялда къоло ункъ азарго чи вукIана абуна гIалимзабаца. Расулал лъабнусиялда анцIго, яги гьелдасан дагьал, яги гьелдасан гIемерал рукIана абуна.

وَنَٰدَيۡنَٰهُ مِن جَانِبِ ٱلطُّورِ ٱلۡأَيۡمَنِ وَقَرَّبۡنَٰهُ نَجِيّٗا ﴿٥٢﴾

**52. ТIур абулеб мегIералъул кваранаб рахъалда Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вугеб мехалъ дица гьесда калам гьабуна щивго гьоркьов чи гьечIого.** Малаик витIичIого дир калам гьесухъе щвезабизе. **Дица гьев Муса дида гIагар гьавуна дун жинда кIалъалев вукIадго.**

Ибунг1аббасица абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир пардавал рорхун, жиндир зобалазда бугеб малакуталда гIагар гьавуна, гьесда гIамал хъвалел къалмазул гьаракь рагIулеб хIалалъ-абун.

وَوَهَبۡنَا لَهُۥ مِن رَّحۡمَتِنَآ أَخَاهُ هَٰرُونَ نَبِيّٗا ﴿٥٣﴾

**53. Дица гьев Муса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ живгун цадахъ вукIине ва гьесие квербакъизе Гьарунги гьавуна авараглъун.**

Мусал вац вуго гьев Гьарун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул дугIаялъе жаваб гьабун гьесие квербакъиялъе авараглъун гьавурав.

Мадяналда ЩугIайб аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ хъулухъ гьабун, гьесул гIи-боцIул тIалаб гьабун анкьго яги анцIго соналъ вукIана Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ. Цинги жиндир чIужу ШугIайбил ясгун тIад вуссун Шамалда вачIунеб мехалъ ТIур мегIералда аскIор щун гьенир чIун рукIана. БецIаб, цIоробаб сордоги букIун гьел квачан рукIана ва жидее квентIехалъеги жал хинлъизеги цIаялда хIажаталлъун рукIана.

Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ ТIур мугIералъул кваранаб рахъалда цо цIадул гIадаб кунчIи бихьун, гьенисан цIа босизе абун жив гьенив араб мехалъ, к1алъана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ Мусада . Гьесие авараглъи кьуна ва умматалда дин лъазаби тIад къана. Мисриялда ун пиргIавнил зулмуялдаса бануисраилал хвасар гьареянги абуна. Гьеб мехалъ Мусаца ТIадегIанав Аллагьасда гьарана жиндие кумекалъе Гьарунги гьаве живгун цадахъ абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул дугIаялъе жаваб гьабун Гьарунги авараглъун гьавуна.

ГIалимзабаца абуна: «Гьаб дунялалда тIад бищунго к1удияб шапагIат гьабуна Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир вац Гьаруние, жиндир гьариялдалъун гьев авараглъун гьавидалго»-абун. Гьарун Мусадасан кIудияв вукIана гIумруялъул рахъалъан. Гьев вукIана пиргIавница бануисраилазул васал хъвезе (чIвазе) хIукму гьабилелда цеве жив гьавурав.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIамро ибну МагIдиякрибидаса бицараб хIадисалда буго: ТIадегIанав Аллагьас Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ТIурсайнаалда жинда гIагар гьавураб мехалъ гьев Мусада бицараб рагIиялдаса букIана: *«Я Муса! Дица дуе ракI бижараб мехалъ жинца щукру гьабулеблъун, мацIги бижараб мехалъ жинца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIемер рехсолеблъун, жинца дуе лъикIаб гIамал гьабизе квербакъулей чIужуги кьураб мехалъ, дица дуе кьечIого тараб щибго лъикIлъи букIунаро. Нагагь цо чиясе гьаб лъабго жо дица кьечIони, гьев чиясе щибго лъикIлъи кьун букIунаро»*-абун. Ибну аби-Х1атимица бицана гьаб хабар.

**54. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб ИсмагIил аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къиссаги бице МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. Гьев вукIана жинца гьабураб къотIиялъе цIакъ ритIухъав,** жинца кидаго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ ва инсанасе гьабураб къотIи хвезабичIев. **Жив Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ расуллъун ва набилъун гьавуравги вукIана гьев ИсмагIил عَلَيْهِ السَّلَامُ.**

وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ إِسْمَاعِيلَ إِنَّهُ كَانَ صَادِقَ الْوَعْدِ وَكَانَ رَسُولًا نَبِيًّا ﴿٥٤﴾

Гьаб рагIиялъ бихьизабулеб буго ИсмагIил авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ИсхIакъ عَلَيْهِ السَّلَامُ ва ЯгIкъуб аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ хирияв вукIин: гьев кIиясулго хIакъалъуль Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна гьел «набилъун» гьаруна абун. ИсмагIилил хIакълъулъ абуна, расуллъун ва набилъун гьавуна абун. Гьев ИсмагIил авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ хирияв вуго жиндир наслоялдаса МухIаммад авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вукIиналдалъунги. ИсмагIил عَلَيْهِ السَّلَامُ гIарабиязул бащдаб чIинкIиллъиялда жал ругел (аравийский полуостров) г1арабиязул эменги вуго.

Ибнужаририца абуна: ИсмагIил аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ цо чиясулгун данд

чIвай гьабизе къотIи гьабун букIана цо пуланаб бакIалда. ИсмагIил гьеб бакIалда вачIана, амма дов чиясда къотIи кIочон, дов вачIичIого хутIана гьеб къоги ун сордоги ун тIасияб къо бачIизегIан. Цинги рекIеда ватун дов чи гьенив вачIана ва гьесда ИсмагIил гьеб бакIалда ватана. Дов чияс гьикъана: «Дуца гьаб бакIалда сордойищ бараб?»-абун. ИсмагIилица абуна: «Дун гьаб бакIалда ч1чIезе вукIана кидал вачIунги мун вачIинегIан»-абун.

**55. Жиндир агьлу хъизаналда Аллагьасе ﷻ тIагIат-гIибадат гьабе, Аллагьасе ﷻ как бай, закат кье абун жинца амру гьабулевги вукIана гьев ИсмагIил ва жиндаса Аллагь ﷻ разияв лагъги вукIана.** وَكَانَ يَأۡمُرُ أَهۡلَهُۥ بِٱلصَّلَوٰةِ وَٱلزَّكَوٰةِ وَكَانَ عِندَ رَبِّهِۦ مَرۡضِيّٗا ٥٥

Гьаб буго бищунго камилаб сипат. Аллагь ﷻ жиндаса разияв чиясе дунял-ахираталъул бахьибуголъи букIуна ва гьев кинабго лъикIлъиялда жиндир каерщел батарав вукIуна.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир хирияб калам Къуръаналда жаниб гIемер бакIалда цо-цазде цун рехсон буго «как бай ва закат кье»- абун. Гьаб сураталда жанибги ИсмагIил аварагасе عليه السلام сипат гьабураб бакIалда ва ГIиса аварагасе عليه السلام сипат гьабураб бакIалдаги рехсана гьаб кIиго жо цояб цоялда хурхизабун. Гьалъул хIикматги буго: инсанасул лъикIлъи, гьесул мутIигIлъи ва гьес гьабулеб гIибадат Аллагьас ﷻ хурхинабун буго кIиго жоялда:

Дунялалъул рукъоб мунпагIат бугеб ва ахираталдаги мунпагIат бугеб буго цо тайпа. Гьеб буго нилъее бихьулеб бакIалда загьиралда Аллагьасул ﷻ рахъалда ва гIадамазул рахъалда хурхараб лъикIлъи. Гьединаб лъикIлъи буго закат кьей. Жинца закат кьурасе бугеб лъикIлъи буго Аллагьасда ﷻ мутIигIлъун, гьесул амру тIубан хьвади, гьелдалъун Аллагь ﷻ разилъи щвей, жегиги жинца кьуралдаса гIемерго цIикIкIизабун Аллагьас ﷻ гьесие хIалалаб, бацIадаб ризкъи кьей. Жиндие закат кьурасе бугеб лъикIлъи буго гьесул хIажат тIубай. Гьаб хIисабалда закат буго жинца кьурасе ва жиндие кьурасе мунпагIат бугеб, дунялалъул ва ахираталъул лъикIлъиялда жинца щвей гьабулеб амру.

Как бай буго нилъеда бихьулеб бакIалда гьев лагъасдаги Аллагьасдаги гьоркьоб бугеб амру. Гьеб как баялдалъун лъала гьев лагъ Аллагьасе ﷻ мутIигIав вукIин ва жиндие ахираталда лъикIаб жазаъ гьабиялда божарав вукIин. Гьаб хIисабалда как бай цохIо Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб бугеб амру бугониги, гьеб какалъул батIиналда (жанисеб рахъалда) балагьараб мехалъ гьебги буго Аллагьасдаги ﷻ

гIадамаздаги хурхараб лъикIлъи.
Жинца хIукъукъал тIубан как балев чи вукIуна Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарав муъминчи. Гьесдаса киналго гIадамазе лъикIлъи ва баракат бахуна, гьесдалъун щибго зарал букIунаро. Гьадин бугелъул Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир хириял русулазда амру гьабулеб буго нужеца гьеб как баялда ва, закат кьеялда тIад чIей гьабе абун ва гьелдалъун нужер агьлу-хъизаналда ва умматалда амру гьабеян абун.
Нилъеда тIадаб буго агьлу-хъизаналдаги, мадугьалзабаздаги, гьудулгьалмагълъиялдаги гьеб амру гьабизе ва гьезда бичIчIизабизе какил ва закаталъул хIакъикъат. Гьаб амру тIобараб мехалъ нилъее Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи ва гьесул рахIмат щола, гьел гIадамалги хIакъаб диналда тIоритIун ккола.
Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагь гурхIаги гьев муъминчиясда, жив сардилъ тIаде вахъунев ва жинца какги балев. Жинца чIужуги макьидаса ёрчIизаюлев, гьей кIвахIаллъун чIолей йигони гьелъул гьумералда лъимги бахунев. Гьединго Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *гурхIаги жий сардилъ тIаде яхъуней муъминай чIужуялда, жинца какги балей ва жиндир росги макьдаса ворчIизавулей. Гьев кIвахIаллъун чIани гьесул гьумералда жинца лъимги бахуней»*-абун. Х1адис абуДавудица бицана.
Цоги хIадис буго жинда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилаяв АбусагIидидаса ва Абугьурайратидаса бицараб: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:
*«Цо чи сардилъ тIаде вахъараб мехалъ, жинца чIужуги тIаде яхъинаюраб мехалъ, цинги гьез кIиго ракагIат какги бараб мехалъ, Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьел хъвала жидеца гIемер Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *рехсолел гIадамаллъун»*-абун. Х1адис имам абуДавудица бицана.

وَٱذۡكُرۡ فِي ٱلۡكِتَٰبِ إِدۡرِيسَۚ إِنَّهُۥ كَانَ صِدِّيقٗا نَّبِيّٗا ﴿٥٦﴾

**56. Дуца Идрис аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ рехсе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, хирияб Къуръаналда жанив дур умматалье вагIзалъун. Х1акълъунго гьев Идрис عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIана ритIухъав авараглъун.**

وَرَفَعۡنَٰهُ مَكَانًا عَلِيًّا ﴿٥٧﴾

**57. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев тIадегIанаб макъамалда вахинавуна.**
Гьесул рехсей тIадегIан гьабуна, аварагльи кьун хира гьавуна.
МигIражалда араб сордоялъ МухIаммад аварагасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьев Идрис аварag عَلَيْهِ السَّلَامُ ункъабилеб зодов ватана. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв Идрис аварag

عَلَيْهِ السَّلَامُ ретIел букъулев чи вукIана ва жинца щибаб рукIкIен хамалда къазабулеб мехалъ «субхIаналлагь» абулеб букIана. Къаси сордо бачIараб мехалъ гьев вукIунаан лъикIаб гIамал гьабуразул бищунго лъикIавлъун-абун. Ай гьес гьабураб гIадаб лъикIаб гIамал гьабизе кIолев цоги щивго чи вукIинчIо.

Гьав Идрис авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда шаригIат вахIю гьабуразул тIоцевесев расул вуго. Гьесухъе лъеберго сахIифа (хъарщи) кьун букIана. Цо гIалимзабаца абуна: гьав вукIана НухI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ кIудияв эмен. Гьесул заманалда щвезеан гIадамаз ретIел букъулеб букIинчIо ва жидеца цIаказдалъун гIейи гьабуелб букIана. Идрис аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ букъана бищунго ццебе ретIел ва гьев вуго бищунго ццебе къаламалдалъун хъварав чи.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِم مِّنَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ مِن ذُرِّيَّةِ ءَادَمَ وَمِمَّنۡ حَمَلۡنَا مَعَ نُوحٖ وَمِن ذُرِّيَّةِ إِبۡرَٰهِيمَ وَإِسۡرَٰٓءِيلَ وَمِمَّنۡ هَدَيۡنَا وَٱجۡتَبَيۡنَآۚ إِذَا تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتُ ٱلرَّحۡمَٰنِ خَرُّواْۤ سُجَّدٗاۤ وَبُكِيّٗا ۩ ٥٨

**58. Гьал аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ руго, ва гьаб сураталда жал рехсарал цогидал аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее нигIмат кьурал гIадамал.** Авараглъи ва расуллъи кьун жал хира гьарурал, жидедалъун умматал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб диналда тIоритIарал. **Адам аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ зурияталъул руго гьел киналго.**

Идрис авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго НухIида عَلَيْهِ السَّلَامُ щвезегIан цевехун вукIарав. **НухI авараггун цадахъ гамида рекIарал муъминзабазул зурияталъул вуго Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ. Гьев Ибрагьимил зурияталдаса руго хадусел киналго аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ. ИсмагIил, ИсхIакъ, ЯгIкъуб ва гьезул наслоги. Исраилил зурияталдасаги руго аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ.** Гьев вуго ЯгIкъуб авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ, гьесул зурият буго Муса, ГIиса, Закария, ЯхIя аварагги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ. **Дица жал тIоритIарал муъминзабиги ва авараглъиялъе жал тIаса рищарал рацIцIадал гIадамалги жидеда дир калам ракIараб мехалъ жал суждаялда унел руго.** Жидер гьумер ракьалда цузабун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъи ва хIели загьир гьабулел руго, **Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун жал гIодулелги руго.**

Гьаб аят цIалидал сужда гьабизе суннатаб буго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жал тIокI гьарурал, жидер макъам тIадегIанал, жидедаса мунагь-хатIаъ кколарел рацIцIадал аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалъ кутакаб асар гьабулеб буго ва жидеда гьеб рагIараб мехалъ гьумер ракьалда цузабун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ццере хIелун чIолел руго, гьесул гIазабалдаса хIинкъун гIодулелги руго.

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, гьесул аварагзабазда عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ иман лъун, ахираталда ва хIисаб- суалалда божун, алжан-жужахI букIиналда мукIурлъун ругел ва амма рекIелъ иманалъул нур лъугьичIел, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кIодолъи бичIчIичIел, шубгьаябщинаб магIишат данде гьабун, бацIцIадаб гуреб тIагIам кванан квешаб гьан тIад бижарал, жидер мацIаздалъун иман лъун букIин гуреб гьелъул хIакъикъат лъалареб къавм буго гьанже бугеб.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламалъ гьезул ракIазе асарги гьабулеб гьечIо, аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ суннаталъ гьезул гIамалги бацIад гьабулеб гьечIо. Жидер гIибадат гьаби гIадатлъун сверун буго, жидер хIинкъиги гIадамаздаса буго, жидер нахърилълъинги жалго гIадал, жидецаго кIудияллъун тарал, жидергоцин напсазул жаваб кьезе кIоларел, гIадамазда буго.

АлхIамдулиллагь! Даимаб рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго кигIанго гьапулал ругониги жив БетIергьан вукIин лъалеллъун нилъ рижун ругелъул, гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хьулги буго жиндир гурхIел-цIобалдалъун нилъ щайтIаналъул, гьава напсалъул асирлъиялдаса рахъун жиндие гIибадат бацIцIад гьабиялда тIоритIилин абун.

ТIадегIанав Аллагьасда инкар ккурал, гьесул русулал гьереси гьарурал, ахираталда иман лъечIеб купру-ширкалъул агьлуялъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам рагIараб мехалъ гьеб махсароде гьабула, гьеб цIалулезда тIадги релъанхъула, гьезие къварилъи-заралги гьабула. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ цIунаги гьаб къавмалдаса ва гьезул заралалдаса.

۞فَخَلَفَ مِنۢ بَعۡدِهِمۡ خَلۡفٌ أَضَاعُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَٱتَّبَعُواْ ٱلشَّهَوَٰتِۖ فَسَوۡفَ يَلۡقَوۡنَ غَيًّا ٥٩

**59. Гьаб иман камилаб, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъи гучаб къавмалда хадур рачIана жидер бахьикъосараб къавм. Жидеца как гIадада хвезабурал, гьеб как баларел, гьаваялда, шагьваталда нахъ жалги рилълъарал. Гьезда дандчIвазе бугеб жо бугоха цIакъ кIудияб къварилъи ва чIорого хутIи.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Гьаб аяталда жаниб бугеб ﴿غَيًّا﴾ абулеб жо буго жужахIалъул кIкIалаздаса цо кIкIал: жиндилъ бугеб гIазабалдаса цогидал жужахIал хIинкъулеб»-абун.

Гьаб аяталъул мурад буго тIобанго как баларел абураб. Гьеб как тарав чи капурлъула абулел гIалимзабазул рагIиги гьаб аяталда данде кколеб буго: жидеца как гIадада хвезебурал гIадамазе жужахI буго абулеб бугелъул. Цоги гIалимзабаца абуна гьаб как гIадада хвезабулел абулеб рагIиялдаса мурад бугин какил гIуж цIунуларел, гьелъул арканал шурутIал тIубаларел абураб. Кинисан магIна гьабуниги гьазие бицараб

гIазаб цIакъ гучаб буго ва гьазие гьабураб сипатги бусурбабазда рекъолареб буго.

Мужагьидица абуна: гьаб буго къиямасеб къо гIагарлъараб ва МухIаммадил ﷺ умматалъул лъикIал гIадамалги тIагIараб заман. Гьеб мехалъ гIадамал рукIине руго хIайваназда релълъун щибго нич гьечIел ва къватIахъ рукIадго жидер шагьват тIубазабулел (жимагI гьабулел).

Ибнужаририца абуна: «Гьел гIадамал гьаб умматалдаса руго: хIамулгIадин цоял цоязда тIад рахунел, зобалазда вугев Аллагьасдасаги ﷻ нечоларел, ракьалда ругел гIадамаздасаги нечоларел»-абун.

КагIбулахIбарица абуна: «Валлагьи, дида гьал чагIи мунапикъзабилъун рихьулел руго: жидеца кофе-чай гьекъеялда тIад заман инабулел, какалги рачIого толел, нардал-шахматалги гIемер хIалел, кваналеб жоялда тIад руссарал, масжид-жамагIатги тарал»-абун.

ИбнухатIибица абуна: «Гьаб как гIадада хвезабизе букIин бицин Къуръаналъ гъаибаб жо бициялдаса бугеб буго. Жакъа нилъеда бихьулеб буго кин гьеб как гIададе хвезабун бугеб. Как базе бусурманчи вахъараб мехалъ гьесда тIад релъанхъулел гIадамал руго, гьесул рукугI сужуд сурун бихьизабулелги руго. Гьел гIадамаз гьабулеб къабихIаб гIамал абуни бищунго хIакъирал хIайваназ гьабулареб гIадаб букIуна»-абун.

إِلَّا مَن تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَأُوْلَٰٓئِكَ يَدْخُلُونَ ٱلْجَنَّةَ وَلَا يُظْلَمُونَ شَيْـًٔا ﴿٦٠﴾

**60.** Гьадинаб къабихIаб хIалалда рукIун хадур, **жидеца тавбо гьабурал, камилаб хIалалъ иманги лъурал, жидеда тIад лъураб парзги, аварагасул ﷺ суннатги тIубан хьвадарал гIадамазе букIуларо гьеб квешаб гIазаб.**

Аллагь ﷻ жинца тавбо къабул гьабулев вуго, жиндихъе хIелун кIанцIарасда гурхIулевги вуго. **Гьел гIадамал алжаналда жанир лъугьуна ва гьезие щибго зулмуги гьабуларо.** Гьезул цересел мунагьалги кIочон тола, хадуб гьабураб лъикIаб гIамалги гIадада хвезабуларо.

جَنَّٰتِ عَدْنٍ ٱلَّتِي وَعَدَ ٱلرَّحْمَٰنُ عِبَادَهُۥ بِٱلْغَيْبِ إِنَّهُۥ كَانَ وَعْدُهُۥ مَأْتِيًّا ﴿٦١﴾

**61. Гьел жанир лъугьизе гьарула даимго жанир чIолеб алжаналда. Гьеб алжан буго балъгояб, жидеда бихьичIеб жоялда иман лъурал лагъзадерие кьезе Аллагьас ﷻ къотIи гьабураб алжан. ХIакълъунго гьев Аллагьасул къотIи жиб тIубалеб, жиндие хилиплъи букIунареб буго.**

Киналго муъминзаби руго жидеда бихьичIеб, цебе араб жоялда иман лъун: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда ва гьесда руштIине гьабураб Къуръаналдаги. Гьеб Къуръаналъги аварагасги ﷺ бицараб цересел умматазул хабаралдаги, хадуб бачIизе бугеб ахираталдаги иман лъун руго.

**62. Гьеб алжаналда жаниб гIададасеб калам бицунаро, цоцазда рихунеб жоги рагIуларо. Цо-яз цоязе кьолеб салам гурони.**

لَّا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا إِلَّا سَلَامًا وَلَهُمْ رِزْقُهُمْ فِيهَا بُكْرَةً وَعَشِيًّا ﴿٦٢﴾

Ва малаикзабаз гьел кIодо гьарун кьолеб саламги. **Гьезие гьеб алжаналда жаниб жидее бокьараб ризкъиги буго** гьезие бокьараб мехалъ аскIоб хIадурун ч1чIун батулеб. **Радал гIужалъги буго гьеб ризкъи, къасси гIужалъги буго.**

Гьеб алжаналда жаниб сордо-къо букIунаро гьениб кидаго нур ва гвангъи букIуна. Гьаб аяталда жаниб бакъанида абураб рагIиялъул магIна букIуна дунялалда нилъеда лъалеб хIал бицин ва нилъеда бичIчIулеб мисал бачин.

Жидеда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб кьучIаб хIадисалда буго: *«Алжаналъул агьлуялда гьоркьоб цоцазда хилиплъи гьечIо ва данде ккунгутIиги гьечIо. Гьел киназулго ракIал цо чиясул ракI гIадин руго, гьез Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *тасбихI гьабула радалги къасиги»*-абун. (хIадис къокъ гьабун хьвана)

**63. Гьаб алжан буго лагъзадеридаса дидаса жал хIинкъулеллъун рукIарал гIадамазе жиб кьолеб.**

تِلْكَ ٱلْجَنَّةُ ٱلَّتِى نُورِثُ مِنْ عِبَادِنَا مَن كَانَ تَقِيًّا ﴿٦٣﴾

Дидаса хIинкъулел лагъзал руго балъгоги загьиргоги дида мутIигIлъулел, жидеца ццимги бахчулел, жал дир лагъзадеридаса тIасаги лъугьунел, жидеца дир шаргIалъул гIорхъабиги хвезаруларел.

Гьаб хадуб бугеб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Жабраил малаикасда абуна: «Мун вачIунелдасаги жегиги гIемер щай дихъ вачIунарев!»-абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIинабуна:

64. Жабраил малаикас абулеб буго: **Дун зобалаздаса гьаб дунялалда рештIунаро дур БетIергьан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялдалъун ва гьесул изнуялдалъун гурони! Гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мулк буго ва гьесул гIелму-лъаяда жаниб буго гьаб дунялалъулги, ахираталъулги кинабго амру. Гьев дур БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ

وَمَا نَتَنَزَّلُ إِلَّا بِأَمْرِ رَبِّكَ لَهُۥ مَا بَيْنَ أَيْدِينَا وَمَا خَلْفَنَا وَمَا بَيْنَ ذَٰلِكَ وَمَا كَانَ رَبُّكَ نَسِيًّا ﴿٦٤﴾

**жинда жо кIочонев гьечIо.**

Жиндие гьабизе бокьараб жо гьабичIого толев гьечIо. Лагъзадерил гIамалал лъаларев, гьезул хIисаб-мизан гьабичIого толевги гьечIо. Гьал сипатал жиндие ругев БетIергьанасул амру гьечIеб жо кин дица гьабилеб?

**65. Гьал зобал ракьазулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб жоялъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь ﷻ. Дуца гIибадат гьав Аллагьасе ﷻ гьабе!** Гьесдехун щибго жо гIахьал гьабуге. **Дуца саброги гьабе гьеб гIибадат гьабиялда тIад чIун.**

رَّبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا بَيۡنَهُمَا فَٱعۡبُدۡهُ وَٱصۡطَبِرۡ لِعِبَٰدَتِهِۦۚ هَلۡ تَعۡلَمُ لَهُۥ سَمِيّٗا ٦٥

Гьесул амро-нагью тIубан, гьесул шаргIалъул ахIкамал цIунун. **Дуда цоги щивго чи лъалищ гьав Аллагьасда ﷻ рельлъарав?** Гьесул гIадаб къудрат бугев, гьесул гIадаб гьунар-гучги бугев. Лъаларо ва гьечIо гьев Аллагьасда ﷻ рельлъараб щибго жо. Цоги магIна гьабуна: нужеда Ар-рахIман абун цIар лъурав чи лъалищ? абун. Гьаб цIар буго Аллагьасда ﷻ хасаб ва жеги инсанасда жиб лъечIеб цIар.

**66. Инсанас абулеб буго: «Дун хун вукIун хадув чIаго гьавун тIадейищ вахъинавулев»-абун.**

وَيَقُولُ ٱلۡإِنسَٰنُ أَءِذَا مَا مِتُّ لَسَوۡفَ أُخۡرَجُ حَيًّا ٦٦

**67. Гьев инсанасда ракIалда щай щолареб дица жив вижараблъи ва жив щибго жолъунги вукIинчIеблъи.** Гьедин жив вижарав БетIергьанасда жив кIиабизе вижизе кIолевлъи щай лъалареб инсанасда?.

أَوَلَا يَذۡكُرُ ٱلۡإِنسَٰنُ أَنَّا خَلَقۡنَٰهُ مِن قَبۡلُ وَلَمۡ يَكُ شَيۡـٔٗا ٦٧

**68. Дур БетIергьанасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун, я МухIаммад ﷺ, дица гьел киналго тIаде рахъинаризе руго,** дидехун ширк гьабизе гьел тIамурал, гьел къосинарурал **щайтIабиги рахъинаризе руго. Цинги дица гьел киналго жужахIалда сверун ракIарун ч1чIезаризе руго.**

فَوَرَبِّكَ لَنَحۡشُرَنَّهُمۡ وَٱلشَّيَٰطِينَ ثُمَّ لَنُحۡضِرَنَّهُمۡ حَوۡلَ جَهَنَّمَ جِثِيّٗا ٦٨

Накабазда ч1чIезарила дица гьел, гIодогIан гьарун, жидеда калам гьабизе кIолареллъун ва бетIер тIаде борхулареллъун. Щивав капурчи жиндир щайтIангун цадахъ цо гудур бан вухьун вукIина.

**69. Цинги щибаб къукъаялдаса дица къватIив вахъинавила бищунго Аллагьасда ﷻ гIасилъарав.**

ثُمَّ لَنَنزِعَنَّ مِن كُلِّ شِيعَةٍ أَيُّهُمۡ أَشَدُّ عَلَى ٱلرَّحۡمَٰنِ عِتِيّٗا ٦٩

Гьезул цевехъанлъун вукIарав чи. Дица гьездаса бай бихьула жужахIалда реххизе ва гьел бищунго квешаб гIазабалъулъ ккола.

**70. Дида цIакъ лъикI лъала щив вугев жиндий гучаб гIазаб гьабизе мустахIикъав ва гьесие гьеб гIазаб дица гьабула.**

ثُمَّ لَنَحْنُ أَعْلَمُ بِالَّذِينَ هُمْ أَوْلَىٰ بِهَا صِلِيًّا ۝٧٠

**71. Нужер цониги чи гьечIо гьеб жужахIалда вачунев гурони.**

وَإِن مِّنكُمْ إِلَّا وَارِدُهَا ۚ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ حَتْمًا مَّقْضِيًّا ۝٧١

Кинавго чиясда жужахI бихьизе буго, гьел сиратIалъул кьодаса унеб мехалъ. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб жужахIалдаса цIунарав чи сиратI бахун довехун уна ва жиндие гьеб жужахIалъ зарал гьабуларо. Жидер Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъи кIудиял мушрикал ва мунапикъзаби гьеб жужахIалда жанире ккола.

Цо гIалимзабаца абуна: киналго жужахIалда жанир лъугьинарула, амма муъминзабазе гьеб цIорораблъун ва жинца зарал гьабуларелъун букIуна абун. **Гьаб жужахIалде киналго гIадамал рачине бугеб хIукмуги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIубазабун бугеб, жиб хисулареб хIукму буго.**

**72. Цинги дица гьеб жужахIалдаса хвасар гьарила дунялалъул рукъор ругеб мехалъ гьеб жужахIалда ккеялдаса хIинкъун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал гIадамал.**

ثُمَّ نُنَجِّي الَّذِينَ اتَّقَوا وَّنَذَرُ الظَّالِمِينَ فِيهَا جِثِيًّا ۝٧٢

Гьеб жужахIалда жанирго лъугьинариларо гьел гIадамал. Яги гьенир жанир лъугьинарун, гьелъул зарал хъатIизе течIого къватIире рачина. **Ва дица гьеб жужахIалда жанир тела жидеца купру-ширкалдалъун, мунапикълъиялдалъун зулму гьабурал гIадамал. Жал гIодорегIанлъун, гьениса абадиялъго къватIир рахъунареллъун тела.**

Жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьарун рукIарал, амма жидеца кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал гьеб жужахIалъул цIаялъ рухIун, жидее гIазаб гьабун хадуб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIоб-рахIмоялдалъун гьенисан къватIире рахьинарула. Гьезие шапагIат гьабизе аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ, шагьидзаби, гIалимзаби ва цогидал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидедаса разиял муъминзабиги реччала.

Гьаб «жужахIалда вачуна кинавго чи» абураб рагIиялда сверухъ гIалимзабазул гIемераб бахIс буго ва хилапги буго. Дица гьелъул

цIакъго къокъаб хIасил гурони гьаниб хъвачIо.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُنَا بَيِّنَٰتٖ قَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لِلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَيُّ ٱلْفَرِيقَيْنِ خَيْرٞ مَّقَامٗا وَأَحْسَنُ نَدِيّٗا ٧٣

**73. ТIадегIанав Аллагьасул аятал цIалараб мехалъ жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккураб къавмалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал гIадамазда абулеб буго: «Нужищ ругел жакъа жидер макъам лъикIал ва жидер жамагIатги годекIанги лъикIал яги нижищ ругел?»-абун.**

Гьаб рагIи Маккаялъул мушриказ абулеб букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилълъарал муъминзабаца Къуръан цIалараб мехалъ ва жидеда гьеб Къуръаналда данде къец гьабун гьеб мекъаб гьабизе кIвечIеб мехалъ. ГIемерисел муъминзаби мискинал, пакъирал гIадамал рукIиндал, дол къурайшиязул мушрикал бечедал, жидеда хадур гIадамал унел, жидер ханлъи бугел гIадамал рукIиндал, гьеб дунялалъул хIал хал гьабун, гьелдаса чIухIун абулеб букIана Къурайшияз гьаб аяталъ бицараб рагIи.

وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّن قَرْنٍ هُمْ أَحْسَنُ أَثَٰثٗا وَرِءْيٗا ٧٤

74. ТIадегIанав Аллагьас гьезул рагIиялъе жаваб гьабун абулеб буго: **Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна дир аятал гьереси гьарурал умматал. Гьел жидер ханлъи кIудиял ва бечелъи гIемерал рукIана.**

Гьел умматал гьалаг гьарурав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ к1ола жидеца МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьереси гьавулел мушрикал гьалаг гьаризеги.

قُلْ مَن كَانَ فِي ٱلضَّلَٰلَةِ فَلْيَمْدُدْ لَهُ ٱلرَّحْمَٰنُ مَدًّا حَتَّىٰٓ إِذَا رَأَوْاْ مَا يُوعَدُونَ إِمَّا ٱلْعَذَابَ وَإِمَّا ٱلسَّاعَةَ فَسَيَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ شَرّٞ مَّكَانٗا وَأَضْعَفُ جُندٗا ٧٥

**75. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: гьаб амруялъулъ къосарал лъун ругел гIадамал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб къосиналда тела жал хвезегIан,** цинги гьесда дандчIвай гьабизе жидер батIулаб гIамалгун ва гьесул гучаб гIазабги жидее хIакълъила.

Гьаб рагIи буго гьел къурайшиязе хIинкъи кьун абулеб рагIи.

**Жидее къотIи гьабураб жо гьезда тIаде бачIараб мехалъ: жидее дунялалдаго гIазаб гьабизеги бегьила Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, яги гьел ахираталда гIазаб гьабизе нахърахъун тезеги бегьила. Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабизе бугеб къотIи хIакълъараб мехалъ гьезда лъазе буго щив вугев жиндир къадро- къимат гьеч1ев ва боялги дагьав.** Муъминзабиийщ ругел яги капурзабиийщ ругел.

**76. ТIадегIанав Аллагьас жал хIакъаб диналда тIоритIун ккарал, жидеца авараг ритIухъ гьавурал муъминзабазул иман ва тIоритIел жегиги цIик1кIинабула:** гьел хIакъаб нухда ч1чIезарула, гьезул иманги камил гьабула. **Ахираталда Аллагьасда ﷻ цере ч1чIезарураб мехалъ батулеб лъикIаб гIамал:** гьесда иман лъун, гьесие гIибадат бацIад гьаби,- **гьаб буго дур БетIергьан Аллагьасда аскIоб хIакъикъаталдаги лъикIаб** иш ва гьелъул букIине буго лъикIаб ажро ва жазаъ. **Гьеб ахиратальул лъикIлъи ва гьениб бугеб алжаналъул нигIматал руго лъикIаб жо ва лъикIаб руссунеб бакI.** Гьаб дунялги, гьаниб бугеб бечелъи-чIухIиги буго жиб хехго тIаса ине бугеб ва жиндир ахираталъе зарал букIани гурони щибго хайир букIине гьечIеб жо.

وَيَزِيدُ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ٱهۡتَدَوۡاْ هُدٗىۗ وَٱلۡبَٰقِيَٰتُ ٱلصَّٰلِحَٰتُ خَيۡرٌ عِندَ رَبِّكَ ثَوَابٗا وَخَيۡرٞ مَّرَدًّا ٧٦

**77. Дуца гIажаиблъи гьабуларищ МухIаммад ﷺ, Аллагьасул ﷻ Къуръанги гьесул аварагги ﷺ жинца гьереси гьавулев капурчиясул хабаралъул. Гьес абулеб буго Аллагьас ﷻ жиндие ахираталдаги боцIи-малги, лъимал-хъизанги кьезе бугин абун.**

Гьаб аят рештIинабуна Ал-гIасс ибну Ваил абурав капур чиясул хIакъалъулъ. Жинда Аллагь разилъаяв Хабаб ибнул-Аратица абуна: «Дун вукIана къебелъи гьабулев чи. Дие ГIассидаса налъи букIана ва гьеб налъиялда хадув дун гьесухъе индал ГIассица дида абуна: Дица дур налъи кьезе гьечIо дуца МухIаммадида инкар кквезегIан абун. Дица абуна: Дица гьесда инкар кколаро гьаб бакIалда гIодовккун мун хваниги цинги чIаголъаниги абун. Цинги ГIассица абуна: дун хвезеги хун тIадевахъинавураб мехалъ дир гьениб боцIи-мал букIине буго, гьенив вачIа мун дур налъи босизе, гьениб кьела дица дуе гьеб»-абун. ТIадегIана Аллагьас абулеб буго.

أَفَرَءَيۡتَ ٱلَّذِي كَفَرَ بِـَٔايَٰتِنَا وَقَالَ لَأُوتَيَنَّ مَالٗا وَوَلَدًا ٧٧

**78. Гьав чи балъгояб жо лъаялда щун гьенив ваккунищ вугев, яги гьас Аллагьасулгун ﷻ къотIийищ гьабун бугеб жиндие хун хадубги магIишат кьезе?**

أَطَّلَعَ ٱلۡغَيۡبَ أَمِ ٱتَّخَذَ عِندَ ٱلرَّحۡمَٰنِ عَهۡدٗا ٧٨

**79. Гьедин гьечIо амру.** Гьев вуго гьереси бицулев ва жинца Аллагьги ﷻ аварагги ﷺ махсароде гьавулаян вугев чи. **Гьас абулеб жо малаикзабаца**

كَلَّاۚ سَنَكۡتُبُ مَا يَقُولُ وَنَمُدُّ لَهُۥ مِنَ ٱلۡعَذَابِ مَدّٗا ٧٩

**хъван букIине буго ва гьесие ахираталда гьабулеб гIазаб гуч гьабизе буго, ва халат гьабизе буго,гьес бицараб къабихIаб ва, купруялъулъ гIорхъолъан араб рагIиялда данде.**

**80. Гьав жиндалъун чIухIун вугеб, жиндие ахираталдаги букIине буго гьес абулеб магIишат гьевги хвезавун дица нахъе босизе буго ва гьев дида цеве вачIине вуго живго цохIого.** БоцIи-мал, лъимал-хъизан гьечIого, жиндие квер бакъулев чиги гьечIого. وَنَرِثُهُۥ مَا يَقُولُ وَيَأْتِينَا فَرْدًا ﴿٨٠﴾

**81. Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамаз алагьзабилъун хъанчал гьарун руго; гьезие гIибадат гьабун жидее кIодолъи ва хиралъи щвезе бугин абун, гьез жидее кумек ва квербакъи гьабизе бугин абунги.** وَٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِ ٱللَّهِ ءَالِهَةً لِّيَكُونُوا۟ لَهُمْ عِزًّا ﴿٨١﴾

**82. Гьедин гьечIо амру: гьабуларо гьел алагьзабилъун ккурал хъанчаз ва гIадамаз жидее кумек. Ахираталда гьез инкар ккезе буго гьел мушрикаца жидее гIибадат гьабичIин абун ва гьел алагьзаби гьезие тущбабилъун рукIине руго.** كَلَّا ۚ سَيَكْفُرُونَ بِعِبَادَتِهِمْ وَيَكُونُونَ عَلَيْهِمْ ضِدًّا ﴿٨٢﴾

**83. Дуда лъаларищ МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, х1акълъунго дица гьел мушриказда тIаде щайтIаби тIамун рукIунеблъи жидеца гьел квешлъаби гьариялда ахIулел ва гьесизарулел?** أَلَمْ تَرَ أَنَّآ أَرْسَلْنَا ٱلشَّيَٰطِينَ عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ تَؤُزُّهُمْ أَزًّا ﴿٨٣﴾

**84. Дуца гьел мушриказе гIазаб хех гьаби тIалаб гьабуге МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**. Х1акълъунго Дица гьезие кьурал къоял ва хIухьлал жал рикIкIарал руго ва цIакъ дагьал руго, ва гьел ахираталда жиндир гIазаб гучаб жужахIалда руссинаризе руго.** فَلَا تَعْجَلْ عَلَيْهِمْ ۖ إِنَّمَا نَعُدُّ لَهُمْ عَدًّا ﴿٨٤﴾

**85. Къиямасеб къоялъ. Дида иман лъурал, ва Дир гIазабалдаса хIинкъарал муъминзаби дида руссине гьарула къокъаби гьарун ва жал хира гьарун.** يَوْمَ نَحْشُرُ ٱلْمُتَّقِينَ إِلَى ٱلرَّحْمَٰنِ وَفْدًا ﴿٨٥﴾

Дунялалда жидее шапакъатал кьезе рачулеб мехалъ ханасухъе къокъаби рачунеб гIадин, чIухIараб ретIел ретIун, берцинал рекIунел жалазда тIад рекIинарун рачула муъминзаби алжаналде рачунеб мехалъ.

**86. Жидеца гIасилъаби ва пасалъаби гьарурал гIадамал Дица жужахIалда** وَنَسُوقُ ٱلْمُجْرِمِينَ إِلَىٰ جَهَنَّمَ وِرْدًا ﴿٨٦﴾

**къотIулеб къоги буго гьеб.**

Данде бакIарун боцIи лъим гьекъолеб бакIалда ва алахалде къотIулеб гIадин: гIедегIизе гьарун, цIалаца чIвархулаго.

**87. Жидеца шапагIат гьабуларо, гьединго жидееги шапагIат гьабуларо. Гьеб шапагIат гьабиялъе изну букIунел гIадамал руго жидеца дунялалда Аллагьасулгун** جَلَّجَلَالُهُ **къотIи гьабун рукIарал гIадамал. Гьел руго жидеца камилаб иман лъун Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIибадат бацIцIад гьабун ва аварагасул нух ккун хьвадарал гIадамал.** لَّا يَمْلِكُونَ ٱلشَّفَٰعَةَ إِلَّا مَنِ ٱتَّخَذَ عِندَ ٱلرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ﴿٨٧﴾

**88. Мушрикаца абуна гурхIел кIудияв Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие лъимал ккуна абун.** وَقَالُوا۟ ٱتَّخَذَ ٱلرَّحْمَٰنُ وَلَدًا ﴿٨٨﴾

Малаикзаби гьесул ясал ругин, ГIиса ва ГIузайр гьесул васал ругин абун.

**89. Х1акълъунго нужеца гьабуна к1удияб мункараб жо ва нужеца абуна къабихIаб рагIи.** لَّقَدْ جِئْتُمْ شَيْـًٔا إِدًّا ﴿٨٩﴾

**90. Жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **лъимал руго абун нужеца абураб мехалъ, гьеб нужер рагIиялъул къабихIлъиялъ зобал рихъизе ва ракьал хъвалхьун ине гIагар гьарулел руго, рихxун г1одор ккезе муг1рулги г1агарлъун руго.** تَكَادُ ٱلسَّمَٰوَٰتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْهُ وَتَنشَقُّ ٱلْأَرْضُ وَتَخِرُّ ٱلْجِبَالُ هَدًّا ﴿٩٠﴾

91. ГьадигIанго зобал ракьазцин хIехьолареб, гьел жиндаса нечолеб ва хIинкъулеб рагIи бицунеб буго нужеца, я гьал мушрикал, **гьев жив гурхIулев ва жив ТIадегIанав Аллагьасе лъимал руго абураб рагIи абураб мехалъ.** أَن دَعَوْا۟ لِلرَّحْمَٰنِ وَلَدًا ﴿٩١﴾

ЦIакъ гучаб гIазаб щвелаха нужеда гьеб къабихIаб гIамал нужеца течIони.

Жинда Аллагь разилъаяв Абумусадаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *жиндие рихунеб жо бицунеб рагIараб мехалъ гьелда сабро гьабизе к1олеб х1алалъ сабру гьабизе кIолев щивго чи гьечIо. Гьев Аллагьасде* جَلَّجَلَالُهُ *ширк гьабула, гьесул лъимал руго абунги абула, цингиги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьел мушриказе ризкъиги кьола, сахлъиги кьола, гьездаса балагьалги нахъчIван тола»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ТIадегIанав Аллагьас жиндехун ширк гьабурал гIадамазул кигIан гIемераб бугониги лъикIаб гIамал къабул гьабуларо. Гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хьул буго жив цо гьавун, жиндие гIибадат бацIцIад гьабурал

муъминзабазул мунагьал жинца тIаса лъугьун, кIочон тела абун. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца хвалда гIагарлъарав чиясда (лаилагьа илла Ллагь) абизе лъазабе, (абизе тIаме). Хвалда аскIоб гьеб рагIи абурав чиясе алжан тIалъула»*-абун. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул цIаралдалъун гьедула дун: зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб жоги, гьезда гьоркьоб бугеб жоги, гьезда гъоркь бугеб жоги цIадираялъул цо рахъалда лъуни (Лаилагьа илла Ллагь) абураб рагIи цогидаб рахъалдаги лъуни гьеб (Лаилагьа илла Ллагь) тIаде лъураб рахъ бергьуна»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Гьал хIадисазул ва гьал аятазул хIасил буго: жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жинца хайирниги, заралниги гьабулев, жинда хьул лъезе ва жиндаса хIинкъизе бегьулев цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурони гьечIо. Жинца кинабго махлукъ бижарав, гьелъул тадбир гьабулев, ахир къиямасеб къоялъул цохIогояв ханлъун жив вугев.

Гьеб хIалалъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун, ракI гьеб иманалъулъ хIалхьон кIалалъ (Лаилагьа илла Ллагь) абураб мехалъ гьеб букIуна хIакъикъияб иман ва хIакъикъияб тавхIид (Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави). Гьаб рагIиялъул магIнаялда рекъараб гIамал гьабурав чи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ алжаналда лъугьине гьавизе вуго. Гьаб рагIи абуниги жинца жиндир гIибадаталъулъ цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев, цоги щиб бугониги жо гIахьал гьавурав чи, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жужахIалда лъугьинавизе вуго.

وَمَا يَنۢبَغِي لِلرَّحۡمَٰنِ أَن يَتَّخِذَ وَلَدًا ﴿٩٢﴾

**92. Жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лъимал-хъизан букIине рекъараб гьеч1о, яги гьелда жив хIажатаб хIал гьечIо.**

إِن كُلُّ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ إِلَّآ ءَاتِي ٱلرَّحۡمَٰنِ عَبۡدًا ﴿٩٣﴾

**93. Зобал ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат жиндир гурхIел цIакъав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъзал руго.**

Гьес рижарал, гьес хьихьулел ва гьесул тадбиралда гъокь ругел руго. Лагълъун вугев чи лъимерлъун вукIин гIакълуялъго къабул гьабулареб жо буго.

لَّقَدۡ أَحۡصَىٰهُمۡ وَعَدَّهُمۡ عَدًّا ﴿٩٤﴾

**94. Х1акълъунго гьеб кинабго махлукъат Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ жидер къадарги, рикIкIенги лъалеб буго.**

Гьесдаса цохIо зарра гIадаб жоги балъго хутIуларо ва гьесда лъачIого щибго жо лъугьуларо.

وَكُلُّهُمۡ ءَاتِيهِ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ فَرۡدًا ﴿٩٥﴾

**95. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ щцере кинабго халкъ бачIине буго щивав**

**инсан живго цохIо вугеб хIалалъ.**

Жиндирго напсалъул ургъалида, живгун цадахъ боцIи-малги лъималхъизанги, кумек чагIиги гьечIого.

**96. Х1акълъунго дунялалда ругеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьасда ﷻ иманги лъун, гьесул расуласда ﷺ нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе жиндир гурхIел цIакъав Аллагьас ﷻ цоцазда гьоркьоб рокьа-хинлъи ва махIабат гьабизе буго. Ва гьел Аллагьасеги ﷻ рокьизе руго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ سَيَجْعَلُ لَهُمُ ٱلرَّحْمَٰنُ وُدًّا ﴿٩٦﴾

Маккаялда ругеб мехалъ муъминзаби жидер рик1к1ен дагьал, жал мискинал ва пакъирал рукIун, мушрикал гIемерал ва чIухIарал рукIун, гьел муъминзаби гIадамаз жидер къимат гьабуларел, гIадамазда рихараллъун рукIана. Жидер рагIиги босуларел, къадрокъиматги гьабуларел рукIана. Жидерго къавмалда гьоркьорги рукIун гьез жал рикIкIун гутIи, гIодорегIан гьари, гIадамазе цIакъ захIматаб жо буго.

Гьадин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас гьел муъминзабазул рекIел гъей гьабун, гьезда роххел бицун абулеб буго: Аллагьас ﷻ нуж гIемерги гьаризе руго, нужеда гьоркьоб рокьа-хинлъиги гьабизе буго. Нужеца сабро гьабе ва Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабун хьваде абун.

Абугьурайратидаса رضي الله عنه бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьасе цо лагъ вокьараб мехалъ жинца Жабраил малаикасда абула дие пуланав лагъ вокьун вуго, дуеги гьев лагъ вокье-абун. Гьев лагъ Жабраиласеги вокьула. Цинги зобалазул агьлуялда ахIула: «ТIадегIанав Алласе цо пуланав лагъ вокьун вуго, нужееги гьев лагъ вокьа»-абун. Аллагьасﷻ зобалазул агьлуялъеги гьев лагъ вокьизе ва гьез жив къабул гьавизе сабабал рекъезарула ва гьезда гьев вокьизавула»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ГIусман رضي الله عنه асхIабас абулеб букIана: цониги лагъ гьечIо жинца лъикIаб яги квешаб гIамал гьабулев, Аллагьас ﷻ гьеб гIамалалда релълъараб ретIел гьесда тIад ретIун гурони-абун. Гьарам ибну ХIаян абулев гIалимас абулеб букIана: цо муъминав лагъ жиндир ракIалдалъун Аллагьасде ﷻ вуссараб мехалъ ва Аллагь разилъиги тIалаб гьабураб мехалъ, Аллагьас ﷻ гIадамазул ракIал гьесде руссинарула ва гьезул ракIазулъ гьев вокьи ва гьесда гурхIи

рештIинабула»-абун.

فَإِنَّمَا يَسَّرْنَٰهُ بِلِسَانِكَ لِتُبَشِّرَ بِهِ ٱلْمُتَّقِينَ وَتُنذِرَ بِهِۦ قَوْمًا لُّدًّا ﴿٩٧﴾

**97. Х1акълъунго Дица гьаб Къуръан гьабуна, МухIаммад ﷺ, дуда жиб лъалеб гIараб мацIалда, дуе жиб цIализе бигьаяб букIизе ва дуца гьелдалъун жужахIалъул гIазабалъул хIинкъи кьезе дудехун инкар ккурал, жидер хIал хъубал ва дагIба-къец гучал инкарчагIазе. Дуца гьелдалъун алжаналъул роххел бицине Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъинзабазда.**

وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّن قَرْنٍ هَلْ تُحِسُّ مِنْهُم مِّنْ أَحَدٍ أَوْ تَسْمَعُ لَهُمْ رِكْزًۢا ﴿٩٨﴾

**98. Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна умматал ва къавмал дида иман лъезе чIухIарал, дир русулал гьереси гьарурал, жидеца ракьалда тIад пасалъаби гьарурал. Гьезул цониги чи нахъе хутIун вихьулев вугищ дуда я гьав инсан! Яги дуда гьезул сас-махIгIаги рагIулеб бугищ?**

Гьел киналго гьалаг гьаруна, гьезул щивго чи нахъе хутIичIо, гьезул росаби ва шагьарал чIорого хутIун ч1унтана. Гьеб гIазаб ва гьалаглъи гьаб къавмалдаги щвезе бегьула ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьал гьалаг гьаризе бокьани, гьезие квербакъулев щивго чи вукIине гьечIо. Гьезул жидерго щибго гьунарги букIине гьечIо гьеб гIазабалда данде ч1чIезе ва гьеб нахъчIвазе.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ квербакъиялдалъун Сурату Марьямалъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Т1адег1анав Аллагьасе буго кинабго рецц ва щукру.

# 20. Сурату Т1а-гьа

سُورَةُ طه

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб нусиялда лъебералда щуго аят бугеб.*

*Гьаб суратальул аслияб мурад буго диналъул аслаби рицин ва гьел рацIцIад гьари. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин чIезабиялъул далилал рицингун цадахъ гьев Аллагь жив цогояв вукIин, гьесие гIахьалчи гьечIеблъиги бицунеб буго. Аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ва гьел ритIиялъул хIикматги бицунеб буго. Ахират букIин, хIисаб-мизан ва жазаъ букIиналъулги бицунеб буго.*

*МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ аварагас Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадаталъулъ яхI бахъи, жиндие гьабулеб къварилъи ва зараралда сабро гьаби бицулеб буго. Жинда тIад къараб рисалат тIубазабун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялда уммат ахIана хирияв аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, амма гьесда тIад къан букIинчIо хIал-зулму гьабун гIадамал исламияб диналде ахIизе.*

*Сураталда жаниб лъикIго гIатIид гьабун бицунеб буго жив аллагь вуго абун хьвадулев вукIарав пиргIавнил ва гьесул къавмалъул. Муса عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварав ТIадегIанав Аллагьасда кIалъаялъул, гьесда рисалат тIад къаялъул ва Мусалги عَلَيْهِٱلسَّلَامُ пиргIавнилги бахIс бицун буго.*

*Адам عَلَيْهِٱلسَّلَامُ аварагасул къисаялда бакка-бахъи гьабун буго, инсанасул ракI хIинкъулеб хIалалъ къиямасеб къоялъул ва гьелъул захIмалъабазул бицун буго. гьеб къиямасеб къоялъ хIисаб мизан гьабун Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мутIигIаб халкъ алжаналда иналъул, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъарал гьев жидер БетIергьан вукIиналда инкар ккураб халкъ жужахIалда иналъулги бицун буго.*

*Сураталда цIар лъун буго: «Сурату ТIагьа» - абун. Гьеб ТIагьа аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ цIараздаса цо цIар буго. Хирияв аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ цIаралдалъун сурат байбихьиялда жанибги гьесул ракI парахат гьаби буго. Мушриказул къварилъабазда сабру гьабизе гьесие квербакъи гьабиги буго.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

طه ①

**1. ТIа. Гьа!** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарпалдалъун жиндир щиб мурад бугеб.
«Я МухIаммад»-абураб магIнаги гьабуна гьеб к1иго х1арпалъул, гьаб хадуб бугеб аяталъул магIна ва тафсир хал гьабураб мехалъ.

مَآ أَنزَلۡنَا عَلَيۡكَ ٱلۡقُرۡءَانَ لِتَشۡقَىٰٓ ②

**2. Дуда гьаб Къуръан рештIинабичIо, МухIаммад ﷺ мун къосизавизелъун ва дуца дурго напсалъе къварилъи гьабизелъунги.**
Гьаб Къуръан дица рештIинабун буго дуеги, тIолго умматалъеги рахIматлъун ва бахьибуголъилъун букIине.
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ва хириял асхIабзабаз как бай халат гьабулеб букIана ва гьеб какилъ Къуръанги гIемер цIалулеб букIана. Цинги Маккаялъул мушриказ абуна: «Гьаб Къуръан МухIаммадида рештIинабун буго гьев къосизавизе ва гьесие захIмалъи гьабун»-абун. Гьел мушриказул рагIи нахъчIван ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал рештIизаруна.
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас сардилъ тIаде вахъун какал ралел рукIана ва гьеб какилъ Къуръан цIалулаго халат вахъун чIун гьесул хIатIалги гьорон рукIана: кIиябго хIетIе гIодоб лъун чIезе кIоларого цин цояб цинги цогидаб хIетIе борхун гьел хIатIазе свакбичи гьабулевги вукIана. ТIадегIанав Аллагьас гьесухъе Жабраил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ малаик витIана ва гьесда абуна: «Дуца дур напсалъе захIмалъи гьабуге, гьеб напсалъе тIадаб хIакъги буго. Дица мун витIун вуго бигьаяб ва бацIцIадаб диналдалъун»-абун.

إِلَّا تَذۡكِرَةٗ لِّمَن يَخۡشَىٰ ③

**3. Дица гьаб Къуръан рештIизабун гьечIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъулел муъинзабазе вагIзалъун гурони.**
Гьезул ракIазулъ бугеб иманалъул нур Къуръаналъул вагIзаялъ жегиги цIикIинабула ва гьезул Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьиги, гьесул гIазабалдаса хIинкъиги цIикIкIула.
МугIавиятидаса رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагьасе бокьараб мехалъ жиндир цо лагъасе лъикIлъи гьабизе гьев лагъасда дин бичIинабула»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.
Гьев чи жинца гьабулеб гIамал Къуръан хIадисалда боцунев, гьеб гIамал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун ва аварагасда ﷺ нахъвилълъун гьабулев вукIуна.

Аллагь разилъаяв СагIлабат ибну XIакимидасан бицараб хIадисалда буго: аварагас ﷺ абуна:
*«Къиямасеб къоялъ халкъалъул хIисаб гьабизе жиндир тахида чIараб мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас гIалимзабазда абула: дица дир гIелмуги дир хIикматги нужее кьун букIинчIо дие бокьун букIун гурони нужеда гурхIизе ва нужер мунагьал чуризе- щиб гIамал нужеца гьабун бугониги»*-абун

**4. Гьаб Къурьан рештIинабуна жинца ракьалги рижарав, тIадегIанал зобалги рижарав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.** تَنزِيلًا مِّمَّنْ خَلَقَ ٱلْأَرْضَ وَٱلسَّمَٰوَٰتِ ٱلْعُلَى ﴿٤﴾

Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца кинабго гIалам щибго жо гьечIеб ва мисал-сурат гьечIеб бакIалда батизабурав, жидер гIорхъаби лъаларел, жидер борхалъиялда ва гьезда жанир ругел махлукъатазда инсан хадув гъоларел зобалги рижарав.

**5. Гьал церехун рехсарал камилал сипатал жиндие ругев, жиндир гурхIел цIоб гIемерав БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIарщалда тIадегIанлъун вуго.** ٱلرَّحْمَٰنُ عَلَى ٱلْعَرْشِ ٱسْتَوَىٰ ﴿٥﴾

Жиндир заталда рекъараб тIадегIанлъи буго гьеб: жиндир тIадегIанлъи нилъералда релълъинаб гьечIого. Гьеб тIадегIанлъиялда инкар ккечIого ва гьелъие сипатал чIезаричIого: « Аллагьас абураб ва гьесие бакьараб хIалалъ вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ г1арщалда т1адег1анлъун»-абула жидер иман камилал муъминзабаца.

**6. Гьев БетIергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мулк ва милк буго зобалазда бугебги, ракьалда тIад бугебги, зоб- ракьалда гьоркьоб бугебги ва ракьазда гъоркь бугебги жо.** لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَمَا تَحْتَ ٱلثَّرَىٰ ﴿٦﴾

Ракьазда жанир ругел магIданиял жал ва гьенир ругел, нилъеда лъаларел, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъаталги.

**7. Дуца дур рагIи загьир гьабун абуниги МухIаммад ﷺ, балъго дурго** напсалъе рагIун абуниги,- **Х1акълъунго гьеб кинабго жо БетIергьан Аллагьасда лъала. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинда балъгояб жо лъалев ва рекIел хиялалги лъалев.** وَإِن تَجْهَرْ بِٱلْقَوْلِ فَإِنَّهُۥ يَعْلَمُ ٱلسِّرَّ وَأَخْفَى ﴿٧﴾

Жегиги ракIалда хъвачIел, нахъа рекIелъ рачIулел хиялалги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ.

Гьаб аяталдаса мурад буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьаби. Гьесда абулеб буго: ТIадегIанав Аллагь кидаго мунгун цадахъ вуго, дуца бицунебги гьебулебги жо бихьулев ва лъалев

вуго, дур рекIел хиялалги жинда лъалев вуго. Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун цохIого тезе гьечIо ва дуе квербакъи букIине буго. Дуца сабро гьабе дуда тIад къараб рисалат гьеб къавмалда щвезабиялда абун.

اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ لَهُ الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ ﴿٨﴾

**8. Жив цогояв, цоги гьечIев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго гьев жиндие гIибадат гьабизе тIадав БетIергьан. Жидер магIна гъваридал, берцинал цIарал ва сипаталги руго Т1адег1анав Аллагьасе.**

Щибаб хIалалъ ва щибаб бакIалъулъ гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ загьирлъула гьеб хIалалда ва бакIалда рекъараб сипаталдалъун.

Жидеца кидаго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ пикру гьабулел, гьев ракIалда чIезавулел ва гьесул сипатал ракIалъ хал гьабун, гьесде машгъуллъун ва гIашикълъун рукIунел гIадамал руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вокьарал ва Аллагьасе рокьарал гIадамал. Гьел гIадамазда абула: «Авлияуллагьи»-абун.

Гьадин жидер ракIазда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ сипатал лъалел ва гьел сипатал хал гьабулел муъминзабазда «الرَّحْمٰن» «الرَّحِيم» «الرَّؤُوف» «الحَلِيم» - абурал цIарал ракIалда щвараб мехалъ, яги жидеда аскIор гьел цIарал рехсараб мехалъ, яги Къуръаналдаса гьел цIарал цIалараб мехалъ, жидеда гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхIел-рахIмо ракIалда щола, ва гьезул ракIазеги чурхдузеги гьелъул асар лъугьун, гьелда хьул лъун, гьеб гурхIел рахIмо жидеда рештIун бугеблъун пикру гьабула.

«الغَفُور، العَفُوّ، التَّوَّاب» - абурал цIарал ракIалда рачIараб мехалъ гьезул хьул лъола Аллагьас мунагьал чуриялда, тавбо къабул гьабиялда ва гьев тIаса лъугьиялда. «الجَبَّار، العَزِيز، القَهَّار» -абурал цIарал ракIалда щвараб мехалъ гьел цIакъ хIинкъула Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъун, гьесул гIазабалъе жал хIакълъиялда. Гьадинаб мисал буго ТIадегIанав Аллагьасул киналго цIаразул. Гьел цIаралги гьезул магIнаги суратул Исраалъул ахиралда хъван руго.

وَهَلْ أَتَىٰكَ حَدِيثُ مُوسَىٰٓ ﴿٩﴾

**9. Духъе Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасул хабар ва гьесул къиса бачIана гурищ МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ!**

Дуда гьеб хабар рагIана абураб магIна буго гьаб раг1иялъул. Гьаб рагIи абулеб буго гIенеккарав чиясул гIин цIодор гьабизе ва гьев бицунеб жоялда кIвар кьун гIенеккизавизе.

إِذْ رَءَا نَارًا فَقَالَ لِأَهْلِهِ امْكُثُوٓا۟ إِنِّىٓ ءَانَسْتُ نَارًا لَّعَلِّىٓ ءَاتِيكُم مِّنْهَا بِقَبَسٍ أَوْ أَجِدُ عَلَى النَّارِ هُدًى ﴿١٠﴾

**10. Гьев Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда цо цIа бихьараб гIужалъ ва гьес жиндир агьлуялдаги абураб мехалъ: «Нуж гьаб бакIалда чIа. Х1акълъунго дида доба рикIкIад цо цIа бихьулеб буго. Дун нужехъе гьенисан цIадул сунтур босун вачIина, яги гьеб**

**цIа бугеб бакIалда нилъ унеб нух бицунев чи ватун гьеcда нух малълъизабун вачIина»-абун.**

Мадяналда ШугIайб عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе хъулухъ гьабун, гьесул гIи-боцIи хьихьун вукIун хадув, Мисриялда вачIунеб заман буго гьеб. Къаси сардилъ нух къосун хутIана, цIа бакизе лъугьиндал гьеб бакизеги кIвечIо. Гьедин квачан, нух къосун, гьабизе жо тIагIун ругеб мехалъ Мусада доба рикIкIад цо цIадулгIадаб кунчIи бихьана. Гьеб бакIалда хъизанги тун, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ жинда канлъи бихьараб рахъалдехун ана. Гьеб букIана «ТIурсайнаъ» абулеб мегIералъул кваранаб рахъ.

**11. Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг жинда канлъи бихьулеб бакIалда гIагарлъараб мехалъ, гьеcда цо гьаракьалъ ахIана: Я Муса!** فَلَمَّآ أَتَىٰهَا نُودِيَ يَٰمُوسَىٰٓ ﴿١١﴾

**12. Х1акълъунго Дун вуго дур БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ: дуде калам гьабулев ва мун гьаб бакIалда вачарав. Дуца дур кIиябго хьит хIатIаздаса бахъе. Мун вуго жиб бацIцIадаб «ТIува» абулеб ракьалда тIад.** إِنِّيٓ أَنَا۠ رَبُّكَ فَٱخۡلَعۡ نَعۡلَيۡكَ إِنَّكَ بِٱلۡوَادِ ٱلۡمُقَدَّسِ طُوٗى ﴿١٢﴾

ГIалимзаби хилиплъана Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ хьитал рахъеян амру щай гьабураб абун. Цо гIалимзабаца абуна гьел хьитал дабагъ гьабичIеб хIамил тIомалъул рукIанин, жал хъубал рукIун тIаса рахъун рикIкIад гьаре абун амру гьабунин. Цогидал гIалимзабаца абуна гьеб бацIцIадаб ракьалда тIад хIатIал гIицIго лъугьа абураб магIна бугин, гIицIцIал хIатIаца гьеб ракь мерхьи мурадалда.

**13. Дица мун тIаса вищана Муса** гьаб дур заманаялъул кинабго халкъалдаса дица дуда калам гьабизе ва мун расуллъун гьавизе. **Гьанже мун гIенекке дица вахIю гьабулеб жоялда.** وَأَنَا ٱخۡتَرۡتُكَ فَٱسۡتَمِعۡ لِمَا يُوحَىٰٓ ﴿١٣﴾

Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг ТIурсайнаалда иналъул сипат бицунаго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхIаяв сайид КъутIбуца абуна: бецIаб ва цIоронраб алахалда Муса авараг живго цохIо вукIаго, гьеcда тIаде сардил сихIкъотIараб ва хIинкъараб бец1лъиги букIаго, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ унев вукIана жинда канлъи бихьараб рахъалдехун жиндиеги хъизаналъеги цIа босизе, яги жинца нух бицунев чиниги ватилин хьулгун. Гьеб хIалалда жив вукIаго жинда сверухъ бугеб кинабго жо кIалъараб гIадаб мисал лъугьун, гьеcда ахIулеб гьаракь рагIула: «Дун дур БетIергьан Аллагь вуго»-абун.

**14. Х1акълъунго, дун вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, гьеч1о цох1о Дун гурого жиндие лагълъи гьабизе мустах1икъав щивго, Дуца** إِنَّنِيٓ أَنَا ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنَا۠ فَٱعۡبُدۡنِي وَأَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَ لِذِكۡرِيٓ ﴿١٤﴾

**гIибадат цохIо дие гьабе ва дун разилъи тIалаб гьабун какалги рай. Гьеб как балеб мехалъ дуда дун ракIалда щвезе.**

Как баеян абиялъул хIикмат буго, гьеб как гуреб цогидаб гIибадатги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ракIалда щвезавулеб букIингун цадахъ,- как букIин жиб балеб мехалъ ракIги, мацIги ва цогидал лугбиги гIахьаллъун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадат. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун «лаилагьа илла Ллагь»-абуралдаса хадуб бищун хирияб гIибадат как бай буго.

إِنَّ ٱلسَّاعَةَ ءَاتِيَةٌ أَكَادُ أُخْفِيهَا لِتُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسِۭ بِمَا تَسْعَىٰ ﴿١٥﴾

**15. Къиямасеб къо бачIин жиндилъ щибго щакалъи гьечIеб амру буго, дица гьеб бачIунеб заман балъго гьабун букIуна. Гьеб къиямасеб къоялъ щибаб напсалъе жазаъги гьабула.**

Иман лъун лъикIаб гIамал гьабурал г1адамал алжаналда лъугьинарула. Жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккун купру-ширкалда чIарал жужахIалда лъугьинарула.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: ТIадегIанав Аллагьас инсан холеб ва къиямасеб къо чIолеб заман балъго гьабиялъул хIикмат букIине бегьулин Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи гьабун букIин хвалда гIагарлъарав чиясулги къиямасеб къо чIеялъул гIаламат загьирлъараб мехалъ тавбо гьабурасулги тавбо къабул гьабичIого букIине. Гьедин бугелъул (инсанасда жив холеб заман лъалеб гьечIелъул ва къиямасеб къо кида чIолебги лъалеб гьечIелъул) гьев даимго тавбо гьабун, хвалиде хIадарун вукIине ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъизеги хIинкъизе.

فَلَا يَصُدَّنَّكَ عَنْهَا مَن لَّا يُؤْمِنُ بِهَا وَٱتَّبَعَ هَوَىٰهُ فَتَرْدَىٰ ﴿١٦﴾

**16. Мун гьеб къиямасеб къоялъул амруялдаса воссинавуге Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ, Аллагьасда иман лъечIев чиясул хабаралъ. Жиндир гьава-напсалда нахъвилълъарав ва дунялалъул лазатаздаса кеп босулевлъун вугев. Гьесул хабаралда божун хьвадани дуе ахират кIочезе буго ва гьелдалъун мун гьалаглъизе вуго.**

وَمَا تِلْكَ بِيَمِينِكَ يَٰمُوسَىٰ ﴿١٧﴾

**17. Гьеб дур кваранаб квералъухъ бугеб жо щиб, я Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ!**

Гьеб жо гIанса гьечIищ? Гьаб суал гьабиялдаса мурад буго Муса кIалъазе сабаб гьаби ва гьелда хадуб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ загьир гьабизе бугеб мугIжизат бицин.

قَالَ هِيَ عَصَايَ أَتَوَكَّؤُاْ عَلَيْهَا وَأَهُشُّ بِهَا عَلَىٰ غَنَمِي وَلِيَ فِيهَا مَـَٔارِبُ أُخْرَىٰ ﴿١٨﴾

**18. Мусаца абуна: Гьаб буго дир гIанса. Дун гьелда тIаде ваччула нухда унеб мехалъ. Дица гьеб гIанса къабун**

**гьутIбуздаса т1амах гьарщизабула гIиязе кванaзе. Дица гьаб гIансаялдалъун цогиги хIажалъаби тIорала.**

Нухдаса хъарахъ-заз нахъе реххула, данде бачIунеб гьвеялда хьвагIула.

ГIалимзабаца абуна: Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе гIолеб букIана «гьаб гIанса бугин»-абун жаваб кьуниги. Кинниги Мусаца калам халат гьабуна ТIадегIанав Аллагьасда калам гьабулеб бугелъул ва жиндие вокьулев чиясда хитIаб гьаби рекIее бокьулеб жо бугелъул.

**19. Хадубги Т1адег1анав Аллагьас абуна: дуца гьеб гIанса гIодобе рехе я Муса!»-абун.** قَالَ أَلْقِهَا يَٰمُوسَىٰ ﴿١٩﴾

**20. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ гIанса гIодобе рехана ва гьеб ракьалда хьвадулеб борохьлъун лъугьана.** فَأَلْقَىٰهَا فَإِذَا هِيَ حَيَّةٌ تَسْعَىٰ ﴿٢٠﴾

КIудияб, жиндир хьвади хехаб борохь лъугьана.

Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: жинца ганчIалги цIулги кваналеб кIудияб борохь лъугьана. Гьеб бихьараб мехалъ Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ рекIелъе хIинкъи рехана ва гьес борохьалдаса мугъ бан лъутизе къасд гьабуна. Гьаб жинда калам гьабулеб бакIалда Муса аварагасда гьеб мугIжизат бихьизабиялъул хIикмат букIана Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьелда ругьунлъи ва пиргIавнида цебе гьеб гIанса рехун гьелъул борохь лъугьараб мехалъ гьев хIинкъичIого вукIин.

**21. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Дуца гьеб борохь кkве, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ ва мун гьелдаса хIинкъуге. Дица гьеб цебе букIараб хIалалъ гIансалъун сверизабизе буго»-абун.** قَالَ خُذْهَا وَلَا تَخَفْ سَنُعِيدُهَا سِيرَتَهَا ٱلْأُولَىٰ ﴿٢١﴾

Мусаца борохьалда квер хъвараб мехалъ гьелъул цебе букIараб гIанса лъугьана.

**22. Дуца дур квер къвалакье лъе, цинги гьеб къватIибе бахье жиб гвангъараблъун, щибго унти къварилъиги гьечIого. Гьеб буго дуе цоги гIаламат ва мугIжизат.** وَٱضْمُمْ يَدَكَ إِلَىٰ جَنَاحِكَ تَخْرُجْ بَيْضَآءَ مِنْ غَيْرِ سُوٓءٍ ءَايَةً أُخْرَىٰ ﴿٢٢﴾

Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас жиндир къвалакьеги лъун квер къватIибе бахъараб мехалъ гьеб гвангъун, цIураб моцIалъул нуралда релълъараб нургун лъугьунаан. Хадубги къвалакь лъун къватIибе бахъараб мехалъ жиб цебе букIараб хIалада сверулаан.

**23. Гьел мугIжизатал дица дуе гьарулел руго Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ, дуда дир хIалкIолъи лъазе ва дир гIажаибал жалаздаса дагьабго жо дуе загьир гьабизе.** لِنُرِيَكَ مِنْ ءَايَٰتِنَا ٱلْكُبْرَى ﴿٢٣﴾

Гьелдалъун дур иман камиллъизе ва дица дуда тIад къазехъин бугеб кIудияб иш тIубазе дур къасд ва гьунар цIикIизе.

**24. Мун ае пиргIавнихъе дир расуллъун.** ٱذۡهَبۡ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ إِنَّهُۥ طَغَىٰ ﴿٢٤﴾

Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIизе, гьесда жиндир гIасилъи ва гIадамазе гьабулеб зулму тезабизе. **Х1акълъунго гьев цIакъ къосун вуго.** Гьесул зулмуги гIемерлъун буго, гIамал кIодолъи ва чIухIи гIорхъолъан ун буго, хIатта «жив алагь вугин» абураб рагIи абизе хIинкъулев гьеч1о гьев малг1ун.

Вагьбо ибну Манабигь абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасда абуна: «Мун дир рисалатги босун пиргIавнихъе а! Мун дица цIунарав вуго, дир квербакъиги дуе буго. Мун дица дир хиралъиялъул ретIел дуда ретIарав вуго, дуе къуват-гуч букIине буго ва дуе щибго хIинкъиги гьечIо. Мун вуго дир аскаразул цо аскар, загIипаб, жидер щибго гьунар гьечIеб къавмалда дица витIулев вугев. Гьеб къавм буго жидеца дир нигIматазда щукру гьабичIел, дир макроялда божун, дунял тIаса бищун ругел. Гьезда дун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин кIочон буго, дие лагълъи гьабизеги чIухIун руго, жидеда дун лъалароян къецандулелги руго.

Дун, дир кIодолъиялдалъун, гьедулев вуго: Дица халкъалъе лъураб нух букIинчIебани- гьел гьалаг гьарулареб жидехъе расул витIун хадуб гурони, дица зобалазда амру гьабуни, гьез гамачI ва цIа рехилаан гьеб къавмалда тIаде. Дица ракьалда амру гьабуни, ракьалъ гьел киналго жиндир чохьонир ккезарилаан. Дица мугIрузда амру гьабуни, гьел мугIрул гьезда тIаде роргун гьел гьалаг гьарилаан. Дица ралъадалда амру гьабуни, ралъадалъ гьел киналго гъанкъизе гьарилаан.

Киниги дир гурхIел-рахIму цIикIкIараб буго. Гьеб къавмалъ кигIан кIудияб гIасилъи гьабуниги дие гьелдалъун щибго зарал букIунаро. Дун щибго жоялда хIажатав гьечIо. Мун а гьев пиргIавнихъе дир рисалат босун ва дуца гьев ахIе дун цо гьавиялда, дие гIибадат гьабиялда, гьеб гIибадат цохIо дие гьабун ширкалдаса рикIкIалъе абунги абе.

Гьесда лъазабе дир ццим бахъи цIакъ гучаб букIин, дир гIазабги жиб щибго жоялъ нахъчIвалареб букIин. Тавбо гьабун, гIасилъи тун, дун цо вукIиналда мукIурлъун дида вуссарасдаса тIаса лъугьунев, гьесул мунагьал чурулев вукIин. Мун хIинкъуге Муса, عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьесухъ бугеб дунялалъул ханлъиялдаса, гьесул боял гIемерал рукIиналдасаги. Гьев пиргIавн дир квералда гъоркь вуго. Гьев дида данде чIун, дида вагъун бергьуларо ва дир гIазабалдасаги ворчIуларо»-абун.

**25. Мусаца عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дир керен иманалъул** قَالَ رَبِّ ٱشۡرَحۡ لِي صَدۡرِي ﴿٢٥﴾

цIезабун гIатIид гьабе.

**26. Дуца дир амруги бигьа гьабе.** وَيَسِّرۡ لِيٓ أَمۡرِي ٢٦
Гьеб дур рисалат тIубазе дие тавпикъ гьабе, дидаса хIинкъи тIаса инабе, дир къуватги цIикIк1изабе.

**27. Дуца дир мацIалда бугеб гарацIги биче.** وَٱحۡلُلۡ عُقۡدَةٗ مِّن لِّسَانِي ٢٧

**28. Гьел гIадамазда дица бицунеб рагIи бичIчIизе ва гьез дир вагIза босизе.** يَفۡقَهُواْ قَوۡلِي ٢٨
Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ авараг пиргIавнил рукъов вукIана жив гьитIинав вугеб мехалъ. Гьев Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьавиялъул ва гьев пиргIавнил рукъов хьихьун вукIиналъул къиса хадуб бицине буго, иншаАллагь. Цо къоялъ пиргIавница гьев Муса жиндир накабазда тIадлъун веэдулев вукIаго, Мусаца пиргIавнил мегеж цIана. Гьелда ццим бахъун пиргIавница гьев чIвазе къасд гьабидал, гьесул муъминай чIужу Асиятица абуна: «Гьеб гьитIинаб лъимер буго жиндир гIокъло гьечIеб, гьеб чIвазе бегьиларо цин хIалбихьи гьабун гурони»-абун. Цинги гьез Мусаде ццебе ккуна кIиго цIадул терет ва кIиго луъ-луъ жаниб бугеб щурун. Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагас квер бегьун терет босана ва гьеб кIалдиб лъуна. Гьеб цIаялъ бухIун гьесул мацIалда гарацI лъугьун букIана. Ва гьев кIалъалеб мехалъ дагьаб мацI бай букIанаян абун.

**29. Дуца дие вазир ва кумекчи гьаве Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**, дирго агьлуялдаса.** وَٱجۡعَل لِّي وَزِيرٗا مِّنۡ أَهۡلِي ٢٩

**30. Гьарун гьаве дие вазирлъун, дир вацлъун жив вугев.** هَٰرُونَ أَخِي ٣٠

**31. Гьесдалъун дуца дир къуватги цIикIизабе жиб къосараб, гIасияб къавмалда дагIват гьабизе.** ٱشۡدُدۡ بِهِۦٓ أَزۡرِي ٣١

**32. Дуца гьев дир амруялъулъ гIахьалги гьаве.** وَأَشۡرِكۡهُ فِيٓ أَمۡرِي ٣٢
Гьесиеги аварагалъи кьун, Гьарун дунгун цадахъ чIун дур рисалат тIобитIулевлъун гьаве.

**33. Нижеца дуе тасбихI гIемер гьабизе.** كَيۡ نُسَبِّحَكَ كَثِيرٗا ٣٣

**34. Мун рехсей,** дуе рецц гьаби, дуда дугIа гьабун, дуе хIели **гIемер гьабизе.** وَنَذۡكُرَكَ كَثِيرًا ٣٤

**35. Х1акълъунго, мун нижер хIал лъалев вуго,** нижер калам рагIулев, пишаби рихьулев вуго. إِنَّكَ كُنتَ بِنَا بَصِيرٗا ٣٥
Мусаца عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарана жиндие кумекалъе жиндир вац Гьарун вазирлъун гьавеян ва живгун цадахъ авараглъунги гьавеян. Гьарун عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьесдаса кIудияв вукIана, жиндир мацI пасихIавги вукIана. Гьесул гIакъло ва рекIел чIей камилаб букIана. ПиргIавнил къосинги, гьесул гIамалкIодолъиги Мусада عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ лъалеб букIиндалго

гьесие бокьана жиндир ургъел бикьулев ва жинца мугъ чIвай гьабулев чи вукIине живгун цадахъ. Гьевги жиндирго вац Гьарун عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIине бокьана.

ﻗَﺎﻝَ ﻗَﺪْ ﺃُﻭﺗِﻴﺖَ ﺳُﺆْﻟَﻚَ ﻳَٰﻤُﻮﺳَﻰٰ ﴿٣٦﴾

**36. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Х1акълъунго Дица дуе дуца гьарараб жо кьуна я Муса!**

ﻭَﻟَﻘَﺪْ ﻣَﻨَﻨَّﺎ ﻋَﻠَﻴْﻚَ ﻣَﺮَّﺓً ﺃُﺧْﺮَﻯٰٓ ﴿٣٧﴾

**37. Х1акълъунго Дица дуда цIоб-рахIму гьабуна цогиги нухалъ.**

ﺇِﺫْ ﺃَﻭْﺣَﻴْﻨَﺎٓ ﺇِﻟَﻰٰٓ ﺃُﻣِّﻚَ ﻣَﺎ ﻳُﻮﺣَﻰٰٓ ﴿٣٨﴾

**38. Дур эбелалда дица вахIю гьабураб гIужалъ гьелда вахIю гьабураб жо.**

ПиргIавница васал чIвалел ругеб мехалъ гьев пиргIавнидаса мун хвасар гьавиялъе сабаб вахIю гьабуна дица дур эбелалда.

ﺃَﻥِ ﭐﻗْﺬِﻓِﻴﻪِ ﻓِﻰ ﭐﻟﺘَّﺎﺑُﻮﺕِ ﻓَﭑﻗْﺬِﻓِﻴﻪِ ﻓِﻰ ﭐﻟْﻴَﻢِّ ﻓَﻠْﻴُﻠْﻘِﻪِ ﭐﻟْﻴَﻢُّ ﺑِﭑﻟﺴَّﺎﺣِﻞِ ﻳَﺄْﺧُﺬْﻩُ ﻋَﺪُﻭٌّ ﻟِّﻰ ﻭَﻋَﺪُﻭٌّ ﻟَّﻪُۥ ﻭَﺃَﻟْﻘَﻴْﺖُ ﻋَﻠَﻴْﻚَ ﻣَﺤَﺒَّﺔً ﻣِّﻨِّﻰ ﻭَﻟِﺘُﺼْﻨَﻊَ ﻋَﻠَﻰٰ ﻋَﻴْﻨِﻰٓ ﴿٣٩﴾

**39. Дица гьелда вахIю гьабуна: «Дуца гьеб гьитIинаб лъимер лъе цо гъамасалда жаниб, цинги гьеб гъамасги Нил гIурулъе рехе»-абун.**

Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалъул рекIелъе пикраби рачIиндал: «Цинги щиб жоха букIунеб! Дир гьитIинаб лъимер гъанкъула гурищ гьеб гIурулъ! Щив вугев жинда гьев хвасар гьавизе кIолев чи?»-абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

**«Гьеб гIоралъ гъамас рехизе буго жиндир рагIалда бугеб ракъдаллъиялде ва гьеб гъамас кодобе босизе буго гьеб лъимералъулги дирги тущманлъун вугев чияс»-абун. Дица гIадамазул ракIазулъ мун вокьиги рехана.** Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ Муса авараг вокьана ва гьев Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ вихьарав чиясеги гьев вокьулев вукIана. **Мун гьев пиргIавница хьихьизе ва дида вихьун, дир цIуниялда гъоркь мун кIудиявги гIезе г1оло гьабуна дица гьаб рехсараб вахIю ва гьаб хIукму.**

ﺇِﺫْ ﺗَﻤْﺸِﻰٓ ﺃُﺧْﺘُﻚَ ﻓَﺘَﻘُﻮﻝُ ﻫَﻞْ ﺃَﺩُﻟُّﻜُﻢْ ﻋَﻠَﻰٰ ﻣَﻦ ﻳَﻜْﻔُﻠُﻪُۥ ۖ ﻓَﺮَﺟَﻌْﻨَٰﻚَ ﺇِﻟَﻰٰٓ ﺃُﻣِّﻚَ ﻛَﻰْ ﺗَﻘَﺮَّ ﻋَﻴْﻨُﻬَﺎ ﻭَﻟَﺎ ﺗَﺤْﺰَﻥَ ۚ ﻭَﻗَﺘَﻠْﺖَ ﻧَﻔْﺴًﺎ ﻓَﻨَﺠَّﻴْﻨَٰﻚَ ﻣِﻦَ ﭐﻟْﻐَﻢِّ ﻭَﻓَﺘَﻨَّٰﻚَ ﻓُﺘُﻮﻧًﺎ ۚ ﻓَﻠَﺒِﺜْﺖَ ﺳِﻨِﻴﻦَ ﻓِﻰٓ ﺃَﻫْﻞِ ﻣَﺪْﻳَﻦَ ﺛُﻢَّ ﺟِﺌْﺖَ ﻋَﻠَﻰٰ ﻗَﺪَﺭٍ ﻳَٰﻤُﻮﺳَﻰٰ ﴿٤٠﴾

**40. ПиргIавнил агьлуялъ мун кодов восараб мехалъ ва жидер рукъов хьихьизе вачараб мехалъ мун цIехезе дуда хадуй дур яц яхьараб мехалъги гьабуна, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ дица дуда гурхIел. Гьей яцалъ пиргIавнил агьлуялда абуна: «Дица тIоритIилищ нуж гьев вас хьихьизе ва хахизавизе мустахIикъай гIаданалда»-абун.**

ГIалимзабаца абуна: ПиргIавнил агьлуялъ Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ рукъов вачараб

мехалъ, гьев цоники гIаданалъул керен хахизе мукIурлъичIо. Аллагьас ﷻ хIарам гьабун букIана гьесие жиндир эбел гурей гIаданалъул рахь. Гьей эбел цIакъ пашман йикIун гьелъ жиндир яс йитIун йикIана Мусал хабар лъалародай абун цIех-рех гьабизе. ПиргIавнил кIалгIаялда гIагарде щвараб мехалъ гьелда гIадамаз бицунеб батана пиргIавнил агьлуялъ цо гьамсинив лъун гIурулъе рехун вукIарав вас рукъов вачун вугин ва гьев цоники гIаданалъул керен хахичIого чIун вугин абун. Мусал яцалъ кIалгIаялда жаний ине нух батизабуна ва Муса عليه السلام вугеб бакIалда ун гьезда абуна дица лъазабилин нужеда гьев вас хахизе ва хьихьизе мустахIикъай гIадан йигеб бакI абун.

ПиргIавнил агьлуялъ гьей гIадан жидехъе яче абун абидалго, Мусал عليه السلام эбел гьений ячун ячIана ва Мусаца гьелъул керен кIалдиб босун хахана. ПиргIавнил чIужу Асият цIакъ ёхана гьеб лъимералъ керен хахидалго ва жидер кIалгIаялъуй чIа абуна Мусал эбелалда. Гьелъ абуна: «Дида дир рукъги, лъималги рехун тезе кIоларо. Дица гьев дир рукъов вачун хахизавила ва дуе бокьараб мехалъ гьевги вачун духъеги ячIинаян»-абун. Асият гьелда разилъана ва лъикIал сайгъаталги кьун гьей Мусаги عليه السلام вачун рукъой йиччана. Гьаб къиса бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**«Цинги дица мун дурго эбелалъухье вуссинавуна гьелъул ракI бохизе, берги гIорцIизе ва гьей пашманлъичIого йикIине. Цинги мун кIудияв гIураб мехалъ дуца пиргIавнил къавм КъибтIиязул цо чи чIвана, ва гьеб къварилъиялдасаги дица мун хвасар гьавуна.** ПиргIавнил къавмалъухъ щвезе течIого Мадяналда тIовитIана. **Ва цогиги гIемерал хIалбихьиял гьаруна дица дуе, мун авараглъун гьавизегIан церехун. ГIезегIанго соназ Мадяналдаги вукIана мун ШугIайб عليه السلام аварагасда аскIов. Гьелдаса хадув мун вачIана, Муса عليه السلام гьаб ТIурсайнаалда, дица мун расуллъун гьавизе хIукму къадар гьабураб бакIалде.**

**41. Ва дица мун тIаса вищана дир расуллъун вукIине, дуда калам гьабизеги, ва духъе дир тIехь кьезеги.** وَٱصۡطَنَعۡتُكَ لِنَفۡسِي ۝٤١

ТIадегIанав Аллагьас гьаб щуго аяталда жаниб жинца Мусада عليه السلام гьабураб цIоб-рахIмуялъул цо чанго мисал бицана. Гьединаб цIоб-рахIму Муса аварагасе цIакъ гIемер гьабуна Аллагьас. Гьев Аллагь ﷻ жиндир расулазе квербакъулев вукIинчIевани, Муса عليه السلام авараг пиргIавница къабул гьавилароан.

Гьал аятаз рицарал Аллагьасул ﷻ цIоб- рахIмуялъул мисалал руго:

1) Гьесул эбелалда илгьам гьабун гъамасги гьабун Муса عليه السلام гIурулъе

рехи, гьенисан пиргIавнил агьлоялъ нахъе восун жиндир рукъов хьихьизе ва жив чIваялдасаги хвасарлъизе.

2) Аллагьас ﷻ гьев Муса вихьарав чиясе гьев вокьулевлъун гьавун гьесда тIад жиндир рокьиялъул асар гьаби.
3) Аллагьас кидаго гьев цIунун вукIин жиндир бер балагьиялда гъокь чIезавун.
4) Муса жиндир эбелалъухъе вуссинави жив хира гьавун, жиндие гIемераб сайгъат- саламги гьабун.
5) Мусаца ﷺ КъибтIияв чIвараб мехалъ гьезул кверaлдаса жив хвасарлъи ва Мадъяналда ун ШугIайб аварагасул хъизаналда гьоркьов ккей.
6) Мадьяналдаса тIад вуссараб мехалъ Аллагьас ﷻ жинда к1алъай гьаби ва жив расуллъун гьави.

Аллагь разилъаяв Шуг1айбил вас АхIмадица Жабирил вас Саг1идидасан ﵁ хIадис бицана. Жинда Аллагь разилъаяв СагIидица абуна: Дица Г1аббасил вас Г1абдуллагьида ﵁ гьикъана ТIадегIанав Аллагьасул «Дица дур гIемерал хIал бихьиял гьаруна»-абураб раг1иялъул маг1на, щал хIал бихьиял гьел рукIаралин?-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Мун метер радалго вачIа гьеб суалалъе жаваб рагIизе, гьеб цIакъ халатаб хIадис буго»-абун. ТIасияб къо бачIарабго дун хекого ИбнугIаббасихъе ана, гьес дие бицине къотIи гьабураб хIадисалда гIенекизе бокьун. ИбнугIаббасица ﵁ абуна:

ПиргIавнги гьесул гьалмагълъиги хабаралда ругеб мехалъ, гьез ракIалда щвезабуна Аллагьас ﷻ Ибрагьим аварагасе гьабураб къотIи: гьев Ибрагьимил наслоялъулъ жинца ханзабиги аварагзабиги гьаризе ругин абун. ПиргIавнил къавмалъул цояс абуна: «Бануисраилал кидадай гьеб ханлъиги, авараглъиги жидехъе бачIина абун гьелда балагьун ругин ва гьезул щибго щаклъиги гьечIин гьеб къотIи хIакъаб букIиналда»-абун. Гьезул ракIалда кколеб букIана гьев авараг ЯгIкъубил Юсуп вугин абун. Гьев хвараб мехалъ гьез абуна: «Гьадин гьечIо Аллагьасул амру, гьев авараг цоги вукIине ккола»-абун. Цинги пиргIавница абуна: «Щибха бугеб нужер гIакъло ва щиб жо гьабун лъикI бугеб нилъеца»-абун.

Цинги гьел цо-цалъ ургъана ва гьез хIукмуги гьабуна: «Бануисраилазул росабалъе ва шагьаразде гIадамал ритIизе: жидер къуват бугел жидеда кодор лебалал нусалги ругел. Кирехун ратаниги гьел бануисраилазул гIисинал лъималги хъвезе»-абун. Гьеб хIукму гьез тIубазеги гьабуна.

Гьедин щибаб соналъ бануисраилазул бихьинал лъимал чIвараб мехалъ, херал гIадамал жидерго гIажал щунги хвараб мехалъ, пиргIавнил къавмалда бихьана гьедин бануисраилал тIагIине бегьулеблъи ва жидее лагълъи гьабизе ва жидеда цере хIалтIизе гIадамал хутIулареблъи. Гьанже гьез цIидасан данде руссун хIукму гьабуна: «Цо соналъ гьарурал васал хъвезе, цо соналъ гьарурал нахъе тезе»-абун. Гьедин гьабуни гьел бануисраилал тIобанго тIагIине гьечIо ва нилъее лагъзал рукIине руго. ГIемерго гIемерлъизеги гьечIо нилъехъан ханлъи бахъулеб хIалалъ абун гIакълу гьабуна Къибт1ияз.

Мусал عَلَيۡهِالسَّلَام эбелалъ Гьарун عَلَيۡهِالسَّلَام гьавуна васал чIвалареб соналъ ва гьев щибго хIинкъи гьечIого хьихьулев ва кIудияв гIолев вукIана. Муса عَلَيۡهِالسَّلَام авараг гьавизе эбел къинай йигеб сон букIана васал хъолеб сон ва гьей эбелалда кутакаб ургъел ккун букIана жинца вас гьавуни щибдай гьабила абун. Гьаб буго, я Ибнужабир, тIоцебесеб питна ва хIал бихьи Муса авараг эбелалъул чохьонив вукIаго гьесда тIаде бачIараб.

ТIадегIанав Аллагьас Мусал عَلَيۡهِالسَّلَام эбелалда вахIю гьабуна: «Мун хIинкъуге ва мун пашманлъуге. Дица гьев вас цIунизе вуго, гьев дудаса ватIалъун хадув духъе вусинавизеги вуго, ва гьев дица аваргзабадса гьавизе вуго»-абун. Муса гьавураб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амру гьабун гъансинив лъун гьев Нил гIурулъе рехана. Гьеб амру тIубан хадуб гьелъухъе щайтIан бачIана ва гьей вас-васазда, щакдариялда тIамун щайтIаналъ гьелъул рекIелъе рехана: «Дица гьабураб жого щиб дир васасе! Дицаго хъвезеги хъун ракьулъ лъун вукIарав ани лъикI букIинчIищ дие гьев чугIбузе кваназе гIурулъе рехиялдаса»-абун.

Цинги гIоралъ бачун ун гьеб гъамас щвана пиргIавнил чIужу Асиятил гъарабашаз лъим босулеб ва ретIел чурулеб бакIалде. Гьел ясалаз гъамас къватIибе бахъана гьениб жаниб хазина батилин абун ракIалда ккун ва гьеб рагьизе къасд гьабуна. Ясазул цояз абуна гьеб гъамас рагьани нилъеда нилъер сайидат (хан) божуларо, гьелда жаниса нилъеца щибго жо босичIо абураб рагIиялда. Гъамас рагьичIого босизе буго сайидаталъухъ»-абун. Асиятихъе босун, гьелда цебе лъун гъамас рагьараб мехалъ гьенив жанив гьитIинав вас ватана. Гьев вас вихьаравго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Асиятил рекIелъе гьев вокьи рехана.

Мусал эбелги гьеб заманаялъ цIакъ ракI бакъван йикIана васасе ккараб жо лъаларого. Гьев васасул хабар пиргIавнил къавмалда рагIун жидерго нусалги росун гьел Асият йигеб бакIалде ана ва Муса عَلَيۡهِالسَّلَام хъвезе къасд гьабуна. Гьаб буго, я Ибнужабир رَضِيَٱللَّهُعَنۡهُ, цоги питна ва хIал бихьи Мусаде عَلَيۡهِالسَّلَام тIаде бачIараб гьев гьитIинаб лъимерлъун вугеб мехалъ. ПиргIавнил чIужуялъ гьезда абуна: «Нуж

нахъе къае гьев васасдаса, гьав цо вас сабаблъун бануисраилал нужедаса гIемерлъуларо»-абун. Гьел вас хъвечIого тезе бегьуларилан кIалъадалго, Асиятица абуна: «Гьедин бугони гьев те нилъ пиргIавнида аскIор щвезегIан. ПиргIавница гьев вас дие тани нуж дие лъикIлъи гьабурал рукIина, гьес вас хъвезе хIукму гьабуни дица нужеда гIайиб гьабиларо»-абун.

ПиргIавнида цее чIун Асиятица абуна: «Гьеб лъимер чIаго те дурги дирги ракI гъезе ва бер бохизе»-абун. ПиргIавница абуна: «Дуе вукIина гьев ракI гъезе гьабулевлъун, амма дун гьесда хIажатав гьечIо»-абун. Гьедин абуниги пиргIавница вас чIвачIого тезе хIукму гьабуна.

Цинги Асиятица сверухълъиялда гIадамал ритIун гьев вас хахизе гьавизе чIужугIадан цIехана, амма Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ цонигиялъул керен кIалдибе босулеб букIинчIо. Гьев вас вакъун, гьев хвеялда хIинкъун Асият гьевги вачун гIадамал ругеб базар къотIной яхъана, гьенийгIаги ятилародай абун васас керен хахулей гIадан.

Мусал эбелалда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб къотIи кIочон, сабро гьабизе кIвечIого, гьелъ Мусал яц йитIана гьесул хабар цIехезе абун ва гьей тIаде ккана Асиятил руччабазул къокъа бугеб бакIалда. Гьез цIехолеб жо жинда лъараб мехалъ Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ яцалъ ёхун абуна дида лъалин гьев васас керен хахулей гIадан абун. Гьанжеги пиргIавнил къавмалъул квешал гIадамаз гьей яс ккуна ва гьелда кIал гьикъизе бай бихьана дуда гьев вас лъалищ? Дуда кин лъалеб гьес лъил керен хахулеблъи абун. Гьабги букIана, я Ибнужабир رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ, Мусалги гьесул яцалъул ва эбелалъул хIал бихьулеб, гьезие питна гьабулеб, хIинкъи бугеб бакI.

Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ яцалъ абуна: «Дида гьев лъаларо, амма дида лъала гьев хахизавулей чIужу йикIин пиргIавнилгун лъикIаб гьоркьоблъи бокьарай, гьесде гIагарлъи жубазе бокьарай. Гьелъул керенги жегиги цоniги лъимералъ хахичIого течIо. Жиндир рахьги гьуинай хIалги тамахай гIадан йиго гьей»-абун. Гьеб хабар рагIараб мехалъ, яс нахъе йиччана ва Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалда хадур ритIун, гьей ячун ячIана. Гьелъул кодове кьуравго вас керен хахизе лъугьана. Асиятида гьеб рохел бицана ва гьелъ тIалаб гьабуна Мусал эбел жиндир кIалгIаялъуй чIун гьев вас хахун, гьев хьихьун йикIайилан. Жиндир хъизан лъимал рехун тезе бегьуларин, жий рукъой йиччай абун Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалъги абуна. Цинги гIемер сайгъаталги кьун васги вачун эбел рукъое йиччана. Гьеб мехалъ гурони гьелъул ракIги хIалхьечIо ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къотIи хIакъаб букIиналда рекIелчIейги мухIканлъичIо. Гьедин берцинго эбелалъ хьихьун кIудияв гIолев вукIана Муса авараг.

Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ цо дагьав кIудияв гIун берцинав ва васандулев

лъугьиндал, Асиятица Мусал эбелалда жиндир вас вачун жиндихъе зияраталъе ячIайилан хабар бит1ана. Гьев вас жиндихъе вачIунеб къоялъ киналго жиндир агьлуялъул руччабаздаги лъазабуна сайгъаталги росун рачIайин абун. Гьедин кIодо гьавун Мусал хIурмат гьабуна киналго руччабаз, гIемерал сайгъаталги рачIана. Цинги Асиятица абуна гьанже пиргIавнихъеги ине руго нилъ гьесги гьав вас кIодо гьавизе абун. ПиргIавнихъе ун гьесда Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вихьизавидалго, Муса кодове вачун накалда гIодов чIезавураб мехалъ, Мусаца гьесул мегеж ккун гIодобехун ц1цIана.

Гьенир рукIарал пиргIавнил гIакълучагIаз абуна: «Гьав васас мун гIодовегIан гьавулев вуго ва гьес духъа ханилъиги бахъулеб буго. Гьаб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Ибрагьим عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасе къотIи гьабураб жоялъул гIаламат»-абун. Цинги лъимал хъолел чагIазда хадур ритIун, гьел Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хъвезе риччазе къасд гьабуна пиргIавница. Цинги Асиятица абуна: «Гьеб гьитIинаб, гIакъло гьечIеб лъимералъ гьабураб жо буго. Цин хIалбихьи гьабун гьев васасул гIакъло бугищ абун лъазабизе ккела»-абун.

Цинги Мусада цере луъ-луъалги цIадул тереталги ккуна. Мусаца квер бегьун цIа кодобе босана, гьелъ квер бухIарабго кIалдибеги босана. Гьебги букIана я Ибнужабир رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ Муса رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ аварагасе гьабураб цоги питна ва гьесул хIал бихьи. ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Муса гьеб бакIалдаги цIунана ва пиргIавнил зулмуялдаса ворчIун Асиятица нахъе вачана.

Цинги Муса кIудияв гIун гIолохъанчи лъугьараб мехалъ, пиргIавнил къавмалъул цониги чиясда кIолеб букIинчIо Муса вугеб бакIалда бануисраилазе къварилъи гьабизе. Цо сордоялъ шагьаралъул рагIалдаса унаго Мусада عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кIиго чи ватана цо-цазде рагъулел: цояв пиргIавнил, цогидав бануисраилазул. Муса вихьараб мехалъ жиндие кумек гьабе абун ахIана бануисраилазулас. Муса аварагасул ццим бахъана ва гьес тункараб жоялдалъун дов пиргIавнил чи хвана. Гьеб хIалалъ Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ рекIекълъана жиндаса ккараб жоялда ва Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун, гьесда гьарана жинда тIаса лъугьа абун. Гьеб жо жив щайтIаналъ гуккун, гьелъ ццим хех гьабун лъугьараб жо букIинги лъана Мусада.

Нахъияб къо, щиб квешаб хабардай жинда рагIилаян абун, хIинкъунго, гIадамазда гIенеккун ана. ПиргIавнихъе рачIун КъибтIияз абуна: «Бануисраилазул чияс нилъер чи чIван вугин гьесдаса къисас босизе кколин абун. ПиргIавница абуна жинца чIварав чи вачун рачIаха ва нугIги ваче абун. КигIанго квешав хан вугониги, щибго

хIужа гьечIого бокьарав чи чIвазе хIукму гьабун гIадло битIуларо.

Гьел КъибтIиял жидер чи чIварав чи цIехолел рукIадго, жиндирго ишалъе къватIив вахъун унев Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ довго бануисраилазул чи ватана цоги КъитIбиясда вагъулев. Муса вихьараб мехалъ исраилияс жиндие кумек гьабеян ахIана. Цебесеб къоялъ ккараб жоялда пашманлъун вукIарав Мусае عَلَيْهِ السَّلَامُ жакъаги гьев исраилияв вагъула ватидал, гьесда кIалъана: «Мун цIакъ квешав чи вихьула дида»-абун. Гьедин абуниги исраилиясе кумек гьабизе къасд букIана Мусал. Гьев Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ доб рагIиги абидал, гьесул ццим бахъунги бихьидал, исраилияв хIинкъана жинда кьабизе бугин Мусаца абун ва гьес абуна: «Я Муса! Дуе дун чIвазейиш бокьун бугеб жакъа, сон дов чиги чIвараб гIадин»-абун.

Цинги дов КъитIбияв лъутун ана ва гьес пиргIавнил къавмалда бицана жинда рагIараб хабар. ПиргIавница жиндир чIвадарухъаби ритIана Муса кквезе ва гьев чIвазе абун. Гьел жидерго нухалъ унел рукIана, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ кивего ворчIиларин жидехъаян ракIалда ккун, амма цо исраилиясе пиргIавница гьабизе бугеб жо лъараб мехалъ, гьев къокъаб нухалъ Мусаде аскIов ана ва гьесда бицана мун чIвазехъин вугин, мун хехго шагьаралдаса къватIив айилан абун. Гьабги цогиги питна ва хIал бихьи буго, я Ибнужабир رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ, Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе гьабураб.

Цинги Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагшагьаралдаса къватIиве вахъун Мадяналъул рахъалде валагьун ана. Гьеб заман щвезегIан Муса берцинго, къварилъи бихьичIого хутIун вукIана. Гьанже гьев унев вукIана жинда нухги лъалареб, киве унеб ва киве щвелеб лъалареб бак1алде. Гьесул божи букIана цохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ: гьес жив битIараб нухде ккезавилин абун. Гьедин жив щвана Мадяназул лъим бугеб бакIалде. Гьенир боцIи гьекъезе рачIарал гIемерал гIадамал ратана ва жидерго гIиялги батIаго чIезарун, гьел лъеда раччичIого чIун кIиго чIужугIаданги ятана.

Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ гьезда абуна: «Нужее бугеб жо щиб гьел гIиял лълъималда рачун, гьал гIадамазда цадахъ гIиязе лъим кьечIого чIезе ккани»-абун. Ясалаз абуна: «Нижеда кIоларо гьел гIадамазда гьоркьор лъугьун, гьезда къецандун гIиязе лъим кьезе. Гьел гIадамал нахъ руссараб мехалъ гьездаса нахъе хутIараб лъим кьола нижеца гIиязе»-абун. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ гьезул гIиял лъималда аскIоре рачун гьезие лъим кьуна ва гьелги жидерго нухда ритIун жив хIохь бахъизе цо гъветIалъул рагIдукье лъугьана. Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ жив цIакъго вакъун вукIин бичIана, гьесда кодоб щибго кваналеб жоги букIинчIо. Мусаца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ дугIа гьабун абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца рештIинабураб

ризкъиялда хIажалъун вугоха дун»-абун.

ШугIайбил عَلَيْهِ السَّلَام ясал хехго рокъоре рачIиндал гьев тамашалъун лъугьана ва гьес гьикъана жакъа кин нуж хехго рачIаралин абун. Ясалаз бицана Мусаца жидее гIиял гьекъезаризе кумек гьабураблъи. ШугIайбица عَلَيْهِ السَّلَام цояй яс хадуй йитIун, Муса عَلَيْهِ السَّلَام жиндихъего ахIана. Гьес жиндир къиса бицараб мехалъ ШугIабица абуна: «Дида аскIов вугеб мехалъ дуе щибго хIинкъи гьечIо. Мун пиргIавнил къавмалдаса хвасарлъарав вуго. Нижеда тIад гьесул ханлъи гьечIо»-абун.

Цинги ШугIайбил عَلَيْهِ السَّلَام ясалъ абуна: «Я дир эмен! Дуца гьав чи нилъее хIалтIи гьабизе ужра кьун нилъеда аскIов те. Гьев жиндир къуват бугев ва жинда божизе бегьулевги вуго»-абун. Ясалъ гьеб рагIи абидалго ШугIайбица عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «Дуда кин лъалеб гьев къуватав вукIиин ва божизе бегьулев вукIин»-абун. Ясалъ абуна: «Гьев къуватав вукIин дида лъана гьес гъуялдаса лъим бахъулеб мехалъ. Цониги чи вукIинчIо гьесгIадин гIемераб лъим галиниб босулев. Гьев жинда божизе бегьулев вукIин дида лъана дун гьесда аскIой унеб мехалъ ва дун чIужугIадан йикIин лъараб мехалъ гьес бетIер гIодобе тIамуна ва цониги нухалъ дида валагьичIо. Цинги нухда лъугьараб мехалъ гьес дун жинда хадуй чIезаюна: дун цее йигони гьесда дир черх бихьизе букIиндал, гьелдаса цIунун дун хадуй тана ва дица нух бицунеб букIана гьесда хадуй йикIадго. Гьаб иш гьабулев чи жинда божизе бегьулев чи вукIуна»-абун. Гьеб хабар рагIараб мехалъ ШугIайбил عَلَيْهِ السَّلَام ракI парахалъана, жиндир ясалъул цIодорлъиялдасаги вохана.

Гьес Мусада عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «Дица мун, гьай кIияйго ясалъул цояй дуе чIужулъунги кьун дида аскIов тани, дуца дие микьго соналъ гIиязул тIалаб гьабизе ва цогидаб хIажалъи ккараб жо гьабизе разилъилищ мун? Цоги кIиго сон тIадеги бани нижеда аскIоб, гьеб дур лъикIлъи букIинаха. Иншааллагь дуда дун лъикIав чилъун ватила ва мун нижеда аскIов лъикI вукIине вуго»-абун. Муса عَلَيْهِ السَّلَام гьеб хабаралда разилъана ва анцIго соналъ ШугIайбида аскIов чIана.

Цинги жиндир хъизанги бачун Муса عَلَيْهِ السَّلَام Мадяналдасан вачIулеб мехалъ гьесул ккараб къиса Къуръаналъ бицараб хIалалъ букIана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Мусал гьари къабул гьабун гьесул мацIалдаса гарацI бичун гьесул мацI пасихIаб гьабуна ва гьесие гьалмагълъун Гьарунги عَلَيْهِ السَّلَام гьавуна. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев Гьаруниде вахIю гьабун гьев Мусаде данде ана. Цинги Муса ва Гьарун пиргIавнил кIалгIаялъул рагьдухъе ун жал жанир риччай абун кIалъана. ГIемер мехалъ гьезие жаваб кьечIого гьенир чIезарун рукIана, ахирги гьезие жаваб кьун, гьел жанире риччана ва пиргIавнида тIаде ана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнужабирил хIадис гьаб бакIалда къокъ гьабун тана. Иншааллагьу, гьелъул ахир дагьаб хадуб бицине буго.

**42.43. ТIадегIанав Аллагьас Мусаде абуна: «Мунги дур вац Гьарунги а пиргIавнихъе дир мугIжизаталги росун. Х1акълъунго гьев пиргIав цIакъго къосун вуго ва гIамал кIодолъун вуго. Ва нуж свакаге ва кIвахIаллъуге дун ракIалде чIезавиялдаса ва дун рехсеялдаса.**

ٱذۡهَبۡ أَنتَ وَأَخُوكَ بِـَٔايَٰتِي وَلَا تَنِيَا فِي ذِكۡرِي ۝٤٢ ٱذۡهَبَآ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ إِنَّهُۥ طَغَىٰ ۝٤٣

Аллагьасул тушманасда тIаде унеб мехалъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIемер рехсезе рекъараб буго, гьелдалъун рекIелъ иман камиллъизе ва черхалъе къуватги цIик1кIизе, гьев тушманасда тIад бергьенлъи босулеб гучлъунги букIине.

**44. Нужеца гьесда берцинаб, тамахаб мацI бицун дагIват гьабе, гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялда, гьесда мутIигIлъиялда ахIе. Гьедин тамахаб хабар бицани, гьев Аллагьасдаса хIинкъизе бегьула яги жинца вагIза босизе бегьула.**

فَقُولَا لَهُۥ قَوۡلٗا لَّيِّنٗا لَّعَلَّهُۥ يَتَذَكَّرُ أَوۡ يَخۡشَىٰ ۝٤٤

Гьаб аяталда жаниб кIудияб хIикмат ва гIибрат буго. Ракьалда тIад бищунго квешав, жиндир гIасилъи ва зулму бергьарав, жив аллагь вуго абун халкъ жиндие лагълъи гьабизе тIамурав пиргIавнихъе Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ авараг витIулев вуго: гьеб заманаялъул бищунго лъикIав чилъун жив вугев, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIаса вищарав ва Аллагьас жинда калам гьабурав. Гьев Мусаде عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ амруги гьабулеб буго мун гьев пиргIавнида тамахго, хIеренго кIалъае абун. Гьединго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасдаги: «Дуца гIадамал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда ахIе гIелму-хIикматалдалъун ва берцинаб вагIзаялдалъун»-абуна.

Гьаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда халкъ ахIулеб къагIида. Гьадин ахIараб мехалъ иман лъечIев чиясда иман лъезабизе лъидаго кIоларо ва гьеб иман лъезабе абун цониги аварагасда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амруги гьабичIо. Жиндир расулазе жаваб кьечIеб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб къавмалъе жиндие бокьараб хIукму гьабула ва гьеб хIукму тIубазабизе Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нахъе чIвалеб щибго жоги букIуларо.

**45. Мусаца ва Гьаруница абуна: «Я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ! Х1акълъунго ниж хIинкъулел руго гьев нижеда гIенеккичIого ва нижер рагIи босичIого, нижее гIакъуба-гIазаб хех гьабизе лъугьилин абун, ва нижее гьес квешаб, гIорхьалъа араб зулму гьабизе гурин абун.**

قَالَا رَبَّنَآ إِنَّنَا نَخَافُ أَن يَفۡرُطَ عَلَيۡنَآ أَوۡ أَن يَطۡغَىٰ ۝٤٥

Гьев вуго цIакъ квешав, зулмуяв хан, жив аллагь вуго абун халкъалда кIалъалев. Гьесухъе рачIун нижеца дуца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьаве ва гьесие лагълъи гьабе абураб мехалъ, гьес ниж чIвачIого теларо.

**46. Т1адег1анав Аллагьас абуна: «Нуж хIинкъуге! Нужеца дир амру тIубазабе! Х1акълъунго Дун вуго нужгун цадахъ: нуж цIунулев, нужеца гьабулеб жо бихьулев, бицулеб рагIиги рагIулев»-абун.**

قَالَ لَا تَخَافَآ إِنَّنِي مَعَكُمَآ أَسۡمَعُ وَأَرَىٰ ﴿٤٦﴾

**47. Нуж кIиявго гьесухъ а, ва гьесда абе: «Х1акълъунго ниж руго дур БетIергьанасул расулал. Дуца гьал бануисраилал нижгун цадахъ гьаб Мисриялъул ракьалдаса нахъе риччай ва дуца гьезие гIазаб гьабуге.**

فَأۡتِيَاهُ فَقُولَآ إِنَّا رَسُولَا رَبِّكَ فَأَرۡسِلۡ مَعَنَا بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ وَلَا تُعَذِّبۡهُمۡۖ قَدۡ جِئۡنَٰكَ بِـَٔايَةٖ مِّن رَّبِّكَۖ وَٱلسَّلَٰمُ عَلَىٰ مَنِ ٱتَّبَعَ ٱلۡهُدَىٰٓ ﴿٤٧﴾

Дуца гьел захIматал ва квешал хIалтIаби гьаризе тIамуге. **Х1акълъунго Ниж духье рачIун руго дур БетIергьанасул мугIжизаталги росун. Аллагьасул салам буго,** гьесул цIоб рахIмат ва гьесул гIазабалдаса хвасарлъи буго **жидехъе хIакъаб дин босун, гьеб диналда ахIулев чи вачIараб мехалъ жидеца гьеб ахIи къабул гьабурал гIадамазе.**

**48. Х1акълъунго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нижеда вахIю гьабун лъазабун буго жинца дунялалдаги ахираталдаги гIазаб гьабизе бугин жиндир расулал гьереси гьарурав, жинда иман лъезе чIухIун, мугъ бан вуссун чIарав чиясе абун.**

إِنَّا قَدۡ أُوحِيَ إِلَيۡنَآ أَنَّ ٱلۡعَذَابَ عَلَىٰ مَن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ﴿٤٨﴾

**49. ПиргIавница абуна: «Щивха вугев гьев нужер БетIергьан, я Муса** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ**»-абун.**

قَالَ فَمَن رَّبُّكُمَا يَٰمُوسَىٰ ﴿٤٩﴾

Жиндир гIамал кодолъялъул гучалъ гьес абичIо «Дир БетIергьан»-абун, яги «Нилъер БетIергьан»-абун. Ай: щив вугев гьев дица жинда иман лъезе кколев чи? Дида гьединав чи лъаларо!.

**50. Мусаца абуна: «Гьев вуго нилъер БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**, жинца кинабниги жо бижарав ва гьелъие щибалда рекъараб чIаголъи кьолев. Гьеб махлукъ тIобитIарав жидер дунялалъул маслахIатазда»-абун.**

قَالَ رَبُّنَا ٱلَّذِيٓ أَعۡطَىٰ كُلَّ شَيۡءٍ خَلۡقَهُۥ ثُمَّ هَدَىٰ ﴿٥٠﴾

ТIадегIанав Аллагьасул махлукъалъулъ пикру гьабурав чиясда лъала цохIо гьаб аяталда жаниб тIоритIел букIин ва хIужа-далилги букIин гьаб махлукъ бижарав Халикъ цIакъ хIакимияв, жиндир гьунар-къуват ва гIелму-гIакълу камилав, жинца гьабулеб жоялъул тадбир мухIканав

вукIиналда. Инсан жиндир квералда валагьани, гьесда бихьула гьеб квер жинца инсанасул хIажат тIубазе. цIакъ камилаб хIалалъ бижун букIин Гьеб квер гьелдаса лъикIаб ва мунпагIат цIикIараб хIалалъ гьабизеян цо инсан ургъани, гьесда кIоларо гьаб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бижаралдаса батIияб хIалалъ квер ургъизе ва гьелъул мунпагIат цIикIкIинабизе. Гьеб мисал буго инсанасул щибаб лагаялъул, гьединго буго цогидаб кинабго махлукъатги.

قَالَ فَمَا بَالُ ٱلْقُرُونِ ٱلْأُولَىٰ ﴿٥١﴾

**51. Цинги пиргIавница абуна: «Цересел умматазул щибха ккараб?** Гьезул хIал щиб бугеб ва гьел кире ругел»**-абун.**

Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагас Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIисаб- мизан гьабизе бугин, жазаъги гьабизе бугин, жив гуресе лагълъи гьабуразе гIазабги гьабизе бугин абидалго, пиргIавница гьесул рагIи махсараде гьабун ва гьесда ракI белъи гьабун, абулеб буго: «Гьедин батани щайха цересел умматал тIаде рахъинаруларел ва гьезие гIазабги гьабулареб? Гьел умматазги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гуресе лагълъи гьабун букIана гурищ?»-абун.

قَالَ عِلْمُهَا عِندَ رَبِّي فِي كِتَٰبٍ لَّا يَضِلُّ رَبِّي وَلَا يَنسَى ﴿٥٢﴾

**52. Мусаца** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: Гьел умматаз гьабураб гIамалги, гьезие гьабизе бугеб жазаъги дир БетIергьан Аллагьасда аскIоб бугеб тIехьалда** (ЛавхIул-махIфузалда) **хьван буго ва Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **щибго жо кIочоларо ва гьесул хIукмуялдаса щибго жо борчIуларо.**

Гьесие бокьараб мехалъ, бокьараб хIалалъ гьабула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир лагъзадерие жазаъ.

ٱلَّذِي جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ مَهْدًا وَسَلَكَ لَكُمْ فِيهَا سُبُلًا وَأَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجْنَا بِهِۦٓ أَزْوَٰجًا مِّن نَّبَاتٍ شَتَّىٰ ﴿٥٣﴾

**53. Гьев БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца нужее гьаб ракь, гьитIинаб лъимералъе кини гIадин, рекъезабурав.** Нужее рахIатаб хIалалъ гьелда тIад хьвадизе ва яшав гьабизе. **Гьеб ракьалда тIад нужее нухалги гьарурав.** сапаралда ине, даран базар гьабун нужер магIишат лъикI гьабизе. **Нужее зодиса цIадги базабулев. Цинги гьеб цIадалдалъун жинца нужее батIи-батIиял хурдул рижизарулев.** Ахал хурзал рижизарулев. Нужее ризкъилъун батIи-батIиял пихъал, тIощел ва бахча бижизабулев.

كُلُوا۟ وَٱرْعَوْا۟ أَنْعَٰمَكُمْ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّأُو۟لِي ٱلنُّهَىٰ ﴿٥٤﴾

**54. Нужеца гьеб ризкъиги кванай, нужер боцIиги гьеб алахалда бачун хьихье.**

Гьаб кинабго дир махлукъаталъул пикруги гьабе.

**Х1акълъунго жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел гIадамазе гIемерал далилал руго гьеб махлукъаталъулъ.** Гьелъул Халикъ вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел. Гьев Халикъ цIакъ гуч ва къуват бергьарав вукIиналдаги тIоритIел гьабулел. Гьединав Халикъасе гIибадат гьабичIого, гьесдаса хIинкъичIого гьесде гIасилъун хьвадизе кин бегьулеб? Гьев БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб буго:

مِنْهَا خَلَقْنَٰكُمْ وَفِيهَا نُعِيدُكُمْ وَمِنْهَا نُخْرِجُكُمْ تَارَةً أُخْرَىٰ ﴿٥٥﴾

**55. Дица нуж гьаб ракьалдаса рижана.** Нужер кIудияв эмен Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьеб ракьалдаса вижун. **Дица нуж гьеб ракьулъе руссинаризеги руго.**

Нуж хвезарун, ракьулъе лъун, нуж ракьлъун лъугьизе руго, гьан ва рукьби турун. **Цинги дица нуж гьеб ракьул чохьониса тIаде рахъинарун дида цере чIезаризе руго.** ХIисаб гьабизе ва жазаъ гьабизе. Гьаб вагIзаги кин босулареб нужеца ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIад гьабиялда кин русунарел?

وَلَقَدْ أَرَيْنَٰهُ ءَايَٰتِنَا كُلَّهَا فَكَذَّبَ وَأَبَىٰ ﴿٥٦﴾

**56. Х1акълъунго Дица гьев пиргIавнида дир киналго гIаламатал ва далилал рихьизаруна.**

Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагасе кьурал мугIжизаталги рихьизе гьаруна. **Цинги гьес дир аятал гьереси гьаруна,** гьеб жо сихIро бугин абуна ва дида иман лъезе, дие мутIигIлъизе мукIурлъичIо. **Жиндирго къосиялъулъ ва чIухIиялъулъ чIана.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнужаририл хIадисалда буго: Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас жал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ расулал ругин абидал, ва гьаб ццебехун бицараб хIалалъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьесие гIибадат гьабизе ккеялда тIоритIел гьабулел далилал рачун дагIват гьабидал, пиргIавница абуна: «Мун авараг ватани, гьеб дуца бицулеб жоги битIараб батани, нижее дурго мугIжизат бихьизабеха»-абун. Цинги Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIанса гIодобе рехана, гьеб кIудияб борохьлъун лъугьун багъа-бачарана ва бетIерги эхеде борхун пиргIавнидехун буссана, цинги гьев вугеб рахъалде ине лъугьана. ПиргIавн кутакалда хIинкъана, жиндирго тахидасан вортун ана ва гьес гьарана гьеб борохь жинда тIаде биччагеян. Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIанса кодобе босана ва гьеб жиндирго суратталда сверана. Хадуб Мусаца къвалакьеги лъун квер къватIибе бахьана. Гьеб квер гвангъараб нур балеблъун лъугьана. Хадубги квер къвалакье лъун цебе бахъидал жиндир букIараб сипаталда сверана. ПиргIавн гьеб кIудияб мугIжизат бихьараб мехалъ Масаде нахъвилълъинчIо ва гьеб дуца гьабураб жо

сихIро буго абун кIалъана.

**57. ПиргIавница абуна: «Мун нижехъе вачIунищ вугев, я Муса; гьеб дур сихIруялъ ниж гьаб ракьалдаса къватIире гъезеян».**

قَالَ أَجِئۡتَنَا لِتُخۡرِجَنَا مِنۡ أَرۡضِنَا بِسِحۡرِكَ يَٰمُوسَىٰ ٥٧

**58. БичасхIаги, гьеб дуца гьабураб гIадаб сихIру нижецаги гьабула. Дуца нижее къотIи гьабе мунги нижги сихIру гьабизе данделъизе ва нилъеца гьеб къотIиги хвезабичIого букIине. Гьеб данделъиялъе мухIканаб заманги ва бакIги чIезабе»-абун.**

فَلَنَأۡتِيَنَّكَ بِسِحۡرٍ مِّثۡلِهِۦ فَٱجۡعَلۡ بَيۡنَنَا وَبَيۡنَكَ مَوۡعِدًا لَّا نُخۡلِفُهُۥ نَحۡنُ وَلَآ أَنتَ مَكَانًا سُوًى ٥٨

Гьеб букIана сихIру чагIи гIемераб заман, гьедин букIиналъ кьун букIана Муса аварагасе мугIжизатлъун гIансаялъул борохь лъугьин, гьелдалъун сихIручагIазул сихIру хвезабизе. ПиргIавнил гIакълучагIацаги абуна: «Нилъер ракьалда гIемерал сихIручагIи руго. Гьел данде ракIарун сихIру гьабизе риччазе ккола ва гьев Муса сихIрочи вукIин лъараб мехалъ, гьев чIвазе бегьула»-абун.

**59. Муса аварагас абуна: «Нужее къотIи гьабулеб буго гIид къоялъ нилъ данделъизе ва гьеб къоялъул бакъ баккун хадуб халкъ данде бакIарун гьезда цере нилъги къецандизе»-абун.**

قَالَ مَوۡعِدُكُمۡ يَوۡمُ ٱلزِّينَةِ وَأَن يُحۡشَرَ ٱلنَّاسُ ضُحًى ٥٩

ТIадегIанав Аллагьасул амру загьир гьабулеб, жиндир аварагасе квер бакъулеб, Аллагьасул тущбаби къезарулеб къо букIиндал гьеб, Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагас абуна: кинабго халкъ хIалтIи-пишаялдаса хIалхьараб, гьез рохел загьир гьабулеб, гьел киналго данделъизе рес бугеб гIид къоялъ рахъине руго нилъ халкъалда цере. Гьеб цере рахъинги зухIаялъул гIужалъ букIине буго: канлъиги гвангъараб къоги гIатIидаб гIужалъ. Кинабго халкъалда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къудрат загьирлъизе ва пиргIавнги гIодовегIанлъизе.

ГIалимзабаца абуна: гьеб къо мухIарам моцIалъул анцIабилеб къо букIана: «гIашураъ» абун жиб машгьурлъараб. Гьеб къоялъ рештIана НухI عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул гама ракьалда, гьеб къоялъ хвасарлъана Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ авараг ва бануисраилал пиргIавнил къавмалдаса, ралъдалъе гьелги гъанкъун.

**60. Цинги пиргIавн Мусадаса ватIалъана ва жиндирго сихIрочагIи данде гьарун гьелги рачун вачIана**

فَتَوَلَّىٰ فِرۡعَوۡنُ فَجَمَعَ كَيۡدَهُۥ ثُمَّ أَتَىٰ ٦٠

**жиндилъ данделъизе къотIи гьабураб къоялъ.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибнуГIаббасица абуна: «Гьезул лъабкъоялда анцIила кIиазарго чи вукIана ва щивасда кодоб гIансаги кварги (рохьенги) букIана»-абун.

Ибнукасирица абуна: «Гьеб къоялъ кинабго Мисриялъул халкъ данделъана. ПиргIавние кIудияб тах лъун, гьелда тIад живги гIодов чIана. Гьесул квараниса ва кIвегIиса мухъал гьарун хIакимзаби, гIакълочагIи ва кумекчагIиги чIана. Гьезда данде ритIун кIудияб майданалда халкъги эхетун чIана. ПиргIавнида цере мухъ гьабун сихIручагIиги чIана. Гьел сихIручагIаца пиргIавнида гьикъидалго щиб жоялдалъун Мусаца сихIру гьабурабин абун, гьес абуна гIансаялъ гьабунаян. СихIручагIаца абуна: «Гьеб гIансаялдалъун ва рухьбуздалъун сихIру гьабизе нижедаса щивго бергьунаро»»-абун.

Гьеб кIудияб майданалда пиргIанида цере мухъ гьабунги чIун сихIручагIаз абуна: «жакъа ниж сихIру гьабун бергьани нижее щиб ажро букIине бугеб»-абун. ПиргIавница абуна: «Дица нуж дида гIагар гьаризе руго, дир кумекчагIилъунги гьаризе руго. Щиб жо нужеца гьараниги гьебги кьезе буго»-абун.

Гьеб гIалам данде буссараб бакIалда жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял Муса ва Гьарун рачIана щивго цадахъ чиги гьечIого, жидерго гIансаги гIунтIун, Аллагьаги جَلَّ جَلَالُهُ рехсолаго, гьесда божун ва таваккал тIамун.

قَالَ لَهُم مُّوسَىٰ وَيْلَكُمْ لَا تَفْتَرُوا عَلَى اللَّهِ كَذِبًا فَيُسْحِتَكُم بِعَذَابٍ ۖ وَقَدْ خَابَ مَنِ افْتَرَىٰ ﴿٦١﴾

**61. Гьел сихIручагIазда Мусаца абуна: «Нуж Аллагьас гьалаг гьареял, нужеца гIадамал гуккун сихIруги гьабун, гьезда гьечIеб жо бугеблъун бихьизабуге. Гьеб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижичIеб жо бижанаян аби. Гьедин хьвадани нужеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гучаб гIазаб щвела. Х1акълъунго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIунтIизабун гьереси бицарав, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ данде вахъарав чи цIакъ чIового хутIарав ва гIадада хварав чи вуго»-абун.**

Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагас гьеб мажлисги ва гьеб лахIзатги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат тIобитIулеб мажлислъун гьабуна ва гьел сихIру чагIазе берцинаб вагIза- насихIат гьабуна.

فَتَنَازَعُوا أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ وَأَسَرُّوا النَّجْوَىٰ ﴿٦٢﴾

**62. Цинги гьел сихIручагIи цоцадехун бахIс гьабун кIалъана ва балъго, шуршудун цо жо бицине лъугьана.**

Гьезул цояз абуна: «Валлагьи, гьав чияс бицунеб жо сихIручияс бицунелда релъарабго гьечIо. Гьав чи унгого авараг ватизе вуго ва

нилъ гьес халкъалда къватIир чIвазарун инжит гьаризе ругин абун. Ва амма сихIручагIазул гIемерисел гьезда рекъечIо.

قَالُوٓاْ إِنۡ هَٰذَٰنِ لَسَٰحِرَٰنِ يُرِيدَانِ أَن يُخۡرِجَاكُم مِّنۡ أَرۡضِكُم بِسِحۡرِهِمَا وَيَذۡهَبَا بِطَرِيقَتِكُمُ ٱلۡمُثۡلَىٰ ٦٣

**63. Гьез абуна: «Гьав кIиявго авараг гьечIо. Гьал руго сихIручагIи. Гьезие бокьун буго жидер сихIруядалъун жидеда хадуб халкъ бачине ва пиргIавнги гьесул къавмги гьаб ракьалдаса къватIир гьезе. СихIручагIазул сихIру батIул гьабун, гьезие щолеб магIишатги гьукъизе»-абун.**

فَأَجۡمِعُواْ كَيۡدَكُمۡ ثُمَّ ٱئۡتُواْ صَفّٗاۚ وَقَدۡ أَفۡلَحَ ٱلۡيَوۡمَ مَنِ ٱسۡتَعۡلَىٰ ٦٤

**64. Нуж киналго цадахъ рахъа ва киназго цадахъ сихIруги гьабе.** ГIунсби ва рухьби гIодоре рехе. Гьеб мехалъ Муса хIинкъизе вуго ва гьесул сихIруги хвезе буго. **Х1акълъунго жакъа гьаб майданалда бергьарав чи жиндир кIудияб лъикIлъиялда кверщел батарав вукIине вуго»-абун.**
Нилъ бергьани пиргIавница къотIи гьабураб къадро-макъам ва гIемерал сайгъатал щвела нилъее. Гьев Муса бергьани гьев кIудияв ханлъиялда вахине вуго ва гьесул мурадги тIубазе буго.

قَالُواْ يَٰمُوسَىٰٓ إِمَّآ أَن تُلۡقِيَ وَإِمَّآ أَن نَّكُونَ أَوَّلَ مَنۡ أَلۡقَىٰ ٦٥

**65. СихIручагIаца абуна: «Я Муса! Дуцайиш бай бихьулеб сихIру гьабизе дур гIансаги гIодебе рехун, яги нижищ рукIинел гьеб сихIру гьабизе бай бихьулеллъун»-абун.**
Гьез Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ виччана бай бихьи тIаса бищизе гьезул ракI чIун букIиналъ жал бергьине рукIиналда.

قَالَ بَلۡ أَلۡقُواْۖ فَإِذَا حِبَالُهُمۡ وَعِصِيُّهُمۡ يُخَيَّلُ إِلَيۡهِ مِن سِحۡرِهِمۡ أَنَّهَا تَسۡعَىٰ ٦٦

**66. Мусаца абуна: Нужеца байбихье ва нужерго сихIру гьабе абун.**
Муса аварагасги гьезул пишаялда релълъун гьезие лъикIаб рагIи бицана «нужеца байбихьe»-абун. Гьелда жаниб далил букIана Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьездаса хIинкъун гьечIолъиялда ва щиб сихIру гьез гьабуниги Мусаца гьеб батIул гьабизе букIиналда. ТIадегIанав Аллагьас хIакъаб жо бергьинабун батIулаб жо къезабизе букIиналдаги.
**СихIручагIаз жидехъ рукIарал гIунсби ва рухьби цадахъ гIодоре рехана ва гьезул гIемерал борхьал лъугьун, гьел чехьалда хъурщун ракьалда хьвадулел руго абун ракIалда ккезабуна Мусада, гьез гьабураб сихIруялъ.** Гьеб майдан цIун, цоял цоязда тIаде рахун гьаналда бараб хIапараялда релълъун лъугьана гьел жидер

гIемерлъиялъ.

**67. Гьеб иш бихьараб мехалъ Мусада лъана жиндир рекIелъе хIинкъиялъул асар лъугьараблъи.**

فَأَوۡجَسَ فِي نَفۡسِهِۦ خِيفَةٗ مُّوسَىٰ ٦٧

Гьесул хIинкъи букIана гьел сихIручагIазда божун кинабго халкъ купруялда ккезе гурин абун.

**68. Дица Мусада абуна: «Мун хIинкъуге, Х1акълъунго мун вуго жакъа бергьарав ва тIадегIанав»-абун .**

قُلۡنَا لَا تَخَفۡ إِنَّكَ أَنتَ ٱلۡأَعۡلَىٰ ٦٨

**69. Дуца гIодобе рехе Муса, дур кваранаб квералъухъ бугеб гIанса, гьелъ кIалдире рачун къулчIизе руго гьез сихIру гьабурал гIунсбиги рухьбиги. Х1акълъунго гьез гьабураб жо буго сихIру, гIадамазул бер гуккулеб. СихIручиясул лъикIлъиялда каерщел батизе гьечIо киве жив вугониги ва щибжо жинца гьабуниги.**

وَأَلۡقِ مَا فِي يَمِينِكَ تَلۡقَفۡ مَا صَنَعُوٓاْۖ إِنَّمَا صَنَعُواْ كَيۡدُ سَٰحِرٖۖ وَلَا يُفۡلِحُ ٱلسَّاحِرُ حَيۡثُ أَتَىٰ ٦٩

Цинги Мусаца عَلَيْهِ السَّلَام гIанса гIодобе рехана ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абураб хIалалъ гьелъул кIудияб борохь лъугьун гьелъ дол киналго борхьал къулчIана. Ибнукасирица абуна: Мусаца гIанса гIодобе рехараб мехалъ жинца гIадамал хIинкъизарулеб сипаталъул кIудияб борохь лъугьана, жиндир хIатIалги, кIудияб габур-бетIерги бугеб, гажалги чIахIияб. Балагьун гIадамалгун гьелъ цо-цо ккун къулчIун гьел сихIручагIазул борхьал тIагIизаруна.

Гьеб иш бихьарабго сихIрочагIада лъана Муса аварагас гьабураб жо сихIру гьечIеблъи. Гьеб щибго щаклъи гьечIого хIакъаб жо букIинги лъана. Гьединаб иш гьабизе цохIо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гурони хIал кIолареблъиги лъана.

**70. Цинги гьел киналго сихIрочагIи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабун гьумер г1одоб цуйзабун чIана ва гьез абуна: «Нижеца иман лъуна Мусалги Гьарунилги БетIергьанасда абун.**

فَأُلۡقِيَ ٱلسَّحَرَةُ سُجَّدٗا قَالُوٓاْ ءَامَنَّا بِرَبِّ هَٰرُونَ وَمُوسَىٰ ٧٠

Гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьанасда иман лъуна нижеца. Нижеца гьабураб сихIруялдаса ва цогидал купру-ширкалъул гIамалаздасаги ниж тавбо гьабун руссана. Гьедин Мусал мугIжизат кинабго халкъалъе загьирлъана, хIакъаб хIужа-далилги бихьана, батIулаб сихIроги хвезабуна.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Радалиса гьел

сихIручагIи рукIана, къасилалде гьел шагьидзабилъун ва лъикIал гIадамаллъун лъугьана»-абун. Гьаб рагIи абиялъе сабаб буго: пиргIавница гьел сихIручагIазе хIинкъи кьун букIана дица нужер кваранаб квер ва квегIаб хIетIе къотIилин, цинги чамастакил гъотIол гIаркьалабазлда дализарун телин гьеб хIалалда хвезегIан абун. ПиргIавница гьаб къотIи тIубазабуна ва гьел сихIручагIи муъминзабилъун хвана. Гьаб рагIи бицана Сабунияс, тафсиралъул гIалимзабазул рагIи бугин абун.

قَالَ ءَامَنتُمْ لَهُۥ قَبْلَ أَنْ ءَاذَنَ لَكُمْ ۖ إِنَّهُۥ لَكَبِيرُكُمُ
ٱلَّذِى عَلَّمَكُمُ ٱلسِّحْرَ ۖ فَلَأُقَطِّعَنَّ أَيْدِيَكُمْ
وَأَرْجُلَكُم مِّنْ خِلَٰفٍ وَلَأُصَلِّبَنَّكُمْ فِى جُذُوعِ
ٱلنَّخْلِ وَلَتَعْلَمُنَّ أَيُّنَآ أَشَدُّ عَذَابًا وَأَبْقَىٰ ٧١

**71. ПиргIавница абуна: «Нужеца гьев Мусада иманищ лъолеб дица нужее изнуги кьечIого ва дидаги гьикъичIого? Х1акълъунго гьев Муса вукIун вугоха нужеда сихIру малъарав, нужер бищунго кIудияв мугIалим.** Гьевги нужги ургъун рукIун руго дунги къавмги гьаб ракьалдаса къватIир къотIизе. **БичасхIаги, дица нужер квералги, хIатIалги къотIила цояб квегIаб цояб кваранаб ва, бичасхIаги, дица нуж чамастакил гъутIбузда дализарила.** Гьединаб гIазаб гьабила дица нужее. Ва квешаб хIалалъ хвезеги гьарила дица нуж. **Бичасх1аги нужеда лъазе буго дунищ вугев гIазаб гьабиялъул рахъалъан гучав ва гIазаб халат гьабулев, яги гьев Мусал БетIергьанищ вугев»-абун.**

قَالُوا۟ لَن نُّؤْثِرَكَ عَلَىٰ مَا جَآءَنَا مِنَ ٱلْبَيِّنَٰتِ
وَٱلَّذِى فَطَرَنَا ۖ فَٱقْضِ مَآ أَنتَ قَاضٍ ۖ إِنَّمَا تَقْضِى
هَٰذِهِ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَآ ٧٢

**72. СихIручагIаца абуна: нижехъе хIакъаб жо бачIун хадуб нижеца мун тIаса вищиларо ва дудаса ниж хIинкъиларо. Нижеда якъинго лъана нижер БетIергьан Аллагьасул хIалкIолъи ва гьесул къудрат.** Ниж гьедула ниж рижарав Аллагьасдалъун, гьаб иманалдаса руссинаро абун. **Дуца дуего бокьараб хIукму гьабе. Гьеб дуца гьабураб хIукму гьаб дунялалъул чIаголъиялда гурони жиб хьвадулареб буго.** Дуда кIола ниж чIвазе, амма ахираталда нижее хIукму гьабизе бугев цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.

إِنَّآ ءَامَنَّا بِرَبِّنَا لِيَغْفِرَ لَنَا خَطَٰيَٰنَا وَمَآ أَكْرَهْتَنَا
عَلَيْهِ مِنَ ٱلسِّحْرِ ۗ وَٱللَّهُ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰٓ ٧٣

**73. Нижеца иман лъуна ва ниж мутIигIлъана нижер БетIергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ. Нижеца тавбо гьабуна гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижер мунагьал чуризе ва дуца ниж гьабизе т1амураб сихIруялъулги мунагь чуризе. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинда божизе ва хьул лъезе**

**лъикIав. Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндие хвел гьечIев, даимго нахъе хутIулев.**

Гьесул гIазабалдаса хIинкъила ниж. Дур гIазаб буго гьаб дунялалда гьабулеб гIазаб, гьеб нахъе хутIулеб гьечIо, гьеб нижее бигьаяб буго абадияб ахираталъул гIазабалдаса.

إِنَّهُۥ مَن يَأْتِ رَبَّهُۥ مُجْرِمًا فَإِنَّ لَهُۥ جَهَنَّمَ لَا يَمُوتُ فِيهَا وَلَا يَحْيَىٰ ﴿٧٤﴾

**74. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьасда цеве купру-ширк гьабун, гьелдаса тавбо гьабичIого вачIарав чиясе жужахIалъул гIазаб букIине буго. Гьенив жанив жив хун хIалхьиги букIунаро, жиндаса гIазаб борхараб чIаголъиги букIинаро.**

وَمَن يَأْتِهِۦ مُؤْمِنًا قَدْ عَمِلَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمُ ٱلدَّرَجَٰتُ ٱلْعُلَىٰ ﴿٧٥﴾

**75. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун Аллагьасда ﷻ данде чIвай гьабурал г1адамазе Аллагьасда ﷻ аскIоб тIадегIанаб макъам ва нигIматазул алжанал руго.**

جَنَّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا ۚ وَذَٰلِكَ جَزَآءُ مَن تَزَكَّىٰ ﴿٧٦﴾

**76. Даимго жанир чIолел алжанал руго гьел гIадамазе: жидеда жаниса нигIматазул гIоралги хьвадулел. Гьаб буго купру-ширкалъул чороклъиялдаса жив вацIцIалъарав чиясе бугеб жазаъ.**

Жинца цохIо Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабурав, гьесул расулал ритIухъ гьарун, гьезда нахъвилълъун хьвадарав.

Жидее квешаб гIазаб гьабизе къотIи гьабурав, гьеб къоялда щвезегIан жидер ханлъун вукIарав ва жидеца гьес малъараб жо гьабун сихIруги гьабулел рукIарал гIадамал, цохIо лахIзаталда жанир гьеб кинабго жо кIочон тун, щибго пиргIавнил кIвар гьабичIого, гьесул хIинкъи кьеялдаса нахъ къачIого, жегиги гьесие вагIза гьабун кIалъалеллъун лъугьана. Гьаб буго рекIелъе иманалъул нур лъугьураб заман. Гьеб буго гIадамазда нахърилълъун яги эбел- инсул малъиялда гIенеккун, гьез гьабулеб батараб жо гьабун гьечIого, унгого жидеда лъан, жидер ракI чIун Аллагь ﷻ цо гьавураб заман. Гьев Аллагьасул ﷻ гIазабги гьесул рахIматги кинабго жоялдаса гучаб букIин лъараб заман. Гьединаб иман лъеялда сихIручагIи рачана Муса аварагас бихьизабураб мугIжизаталъ.

Цогидаб халкъалъе гьеб майданалда ккараб жо, цо сихIро чи цогидаздаса бергьинлъун бихьана ва гьезул ракIазе гьелъ щибго асарги гьабичIо. Гьал сихIручагIазда лъана Мусаца гьабураб жо сихIру гьечIеблъи ва гьезул рекIелъ хIинкъи бачIана жидеца гьабулеб

батIулаб жо Аллагьасда ﷻ бихьулеб ва лъалеб букIин бичIчIун. Ва гьел гIедегIана Аллагьасе ﷻ сужда гьабизе ва гьесда гьаризе жидер тавбо къабул гьабеян ва жидер цересел мунагьалги тIаса лъугьун теян абун.

Цересел умматазул гIемерисезул гIадат ва къагIида букIана жидеда цо гIадат бихьараб, жал гьелда ругьун гьечIеб жо бихьараб мехалъ жидеца Аллагьасада иман лъолеб. Гьеб иш гьедин букIиналъ, Аллагьас ﷻ щибаб заманаялъ щибаб къавмалда аварагзаби ритIулел рукIана ва гьезда цадахъ мугIжизатги рештIинабулеб букIана.

ТIадегIанав Аллагьас свалат салам лъеяв МухIаммад гьавуна ахирав авараглъун. Гьев т1олго гIаламалъего аварглъунги гьавуна: гIадамазеги, женазеги. Кинабго заманаялъе авараглъунги гьавуна. Гьев витIун хадуб (ай хун хадуб) мугIжизаталги рук1инч1о. Гьелда жаниб БетIергьан Аллагьасул ﷻ кIудияб хIикмат буго. Цересел аварагзабазул къисабиги, гьезие кьурал мугIжизаталги, гьезда иман лъечIеб къавмалъе Аллагьас ﷻ гьабураб гIазабги лъазе рес буго щивав инсанасул. Жив вижарав ва гьаб кинабго гIаламги бижарав БетIергьан Аллагь ﷻ цо вукIин лъазе, кинабго мутIигIлъиги, хьуллъейги, гIибадат гьабиги гьев Аллагьасе ﷻ гьабизе тIадаб букIин лъазеги рес буго.

Гьел цересел умматазулги аварагзабазулги къиса лъаларев, гьелъул кIвар гьабуларев чиясеги жакъа къоялда жаниб цIакъ гIемераб мугIжизат ва гIаламат буго гьаб махлукъ бижарав Халикъ цо вукIиналъе. ГIелмияб цIех-рех гьабулел, дунялалъул гIелмуялда тIад чIарал кIудиял гIалимзаби ахир-къадги мукIурлъулел руго инсанасул гIелму-лъай нахъ гIунтIулареб, гьесда жиндир авал-ахир лъалареб ва гьесда жинда релълъараб гьабизе кIолареб жо гIемераб букIиналда гьаб дунялалда тIад. Гьедин бугониги Аллагьас ﷻ иманалда тIовитIичIев чи иманалда вачIунев гьечIо ва гьеб кинабго жо тIабигIаталъул гьунар бугин, гьелъул балъголъаби ругин абун толеб буго. Аллагьас ﷻ тавпикъ гьабурав чи иманалдаги вачIун, исламаияб диналъе квер бакъулевлъун лъугьунев вуго.

Инсанасе жиндир БетIергьан Аллагь ﷻ вукIин лъазе, жинца гьабулеб кинабго гIамал гьев Аллагь ﷻ разилъи бокьун гьабизе кколеблъи лъазе, жив гьадинго, гIададаго вижун гьечIеблъи лъазе гIураб гIакълоги кьун буго Аллагьас ﷻ. Инсанасда тIадаб жо буго Аллагьас ﷻ жиндие нигIматлъун кьурал лугби: бер, гIин, ракI хIалтIизабизе жиндие кьураб гIакълуялда рекъон ва пикру гьабизе жинда сверухъ бугеб махлукъаталъул. Гьедин пикру гьабулеб гьечIебгIан мехалъ гьев

инсанги цогидаб рухIчIаголъиги цохIо даражаялда рукIуна, гьесул хIайваналдаса жив ватIа гьавун, жиндие тIокIлъилъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьураб гIакълоги гIадада хун букIуна.

Ва амма ахираталда БетIергьан Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ цере чIезарураб мехалъ гьев инсанасда гьикъизе буго дица дуе гIакълу-лъай кьун букIана гурищ? Дуца щай гьеб хIалтIизабичIеб? абун. Гьелъие кьезе гьесул жавабги букIунаро, гьесие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабги хIакълъула.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги гьес хIайваназул даражаялдаса тIокI гьарун, тIадегIан гьарун, гIакъилал гIадамаллъун гьарун рукIаго, нилъецаго хIайваназул даража тIаса бищиялдаса ва гьелда хьвадиялдасаги.

وَلَقَدْ أَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَسْرِ بِعِبَادِى فَٱضْرِبْ لَهُمْ طَرِيقًا فِى ٱلْبَحْرِ يَبَسًا لَّا تَخَٰفُ دَرَكًا وَلَا تَخْشَىٰ ﴿٧٧﴾

**77. Х1акълъунго Дица Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда вахIю гьабуна: «Мун дир лагъзал бануисраилалги рачун сардилъ къватIив вахъун ралъад бугеб рахъалдехун а. Гьеб ралъдаде аскIов щвараб мехалъ дур гIанса кьабун ралъад бикьизабун гьенисан нуж церехун ине бакъвараб нухги гьабе. Мун хIинкъуге гьеб ралъдалъ нуж гъанкъилин абун ва нужеда нахъ регIун пиргIавница нужее гIазаб гьабилин абун.**

فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ بِجُنُودِهِۦ فَغَشِيَهُم مِّنَ ٱلْيَمِّ مَا غَشِيَهُمْ ﴿٧٨﴾

**78. Бануисраилал рачун Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ авараг араблъи лъарабго жиндир боялги ракIарун пиргIав гьезда хадув вахъана. Амма гьел ралъдалъе лъугьарабго гьезда тIаде ралъад данде бачIана ва гьезда цIакъ кIудияб хIинкъи ва гьалаглъи рештIана.**

وَأَضَلَّ فِرْعَوْنُ قَوْمَهُۥ وَمَا هَدَىٰ ﴿٧٩﴾

**79. Гьев пиргIавница жиндир къавм къосиялда жаниб чIезабун букIана:** «Дун вуго нужер бищунго тIадегIанав бетIергьан»-абун, жиндие лагълъи гьабизе тIамун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялдаса нахъе чIван. **Гьев пиргIавн жинца къавм битIараб диналда тIобитIулевлъун вукIинчIо.**

Гьеб кIудияб купру-ширкалда данде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесие дунялалдаго гIазаб гьабуна. Ахираталда щведалги жиб тIасаго босулареб абадияб гIазаб букIине буго гьесие ва цогидаб капураб къавмалъе.

Аллагь разилъаяв Ибнужабиридасан бицараб халатаб хIадисалда жаниб буго: Муса جَلَّجَلَالُهُ авараг гIезегIанго мехалъ чIана пиргIавнида бануисраилалги рачун жив Мисриялдаса нахъе виччай абун абулевлъун ва пиргIавница батIа-батIаяб къотIи гьабун гьев нахъе виччазе заман цIалевлъун. Щибаб нухалъ пиргIавница тIалаб гьабулеб букIана цо

гIаламат, мугIжизат бихьизабе жинда абун. Гьеб мугIжизат бихьизабун хIинкъизавурав мехалъ гьес абулеб букIана: «Гьаб къварилъи тIаса борхе нижедаса, нуж нахъе риччазе руго»-абун. Гьеб къварилъи тIаса борхарабго цIидаса жиндир къотIиги хвезабулеб букIана. Гьедин Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе мугIжизатлъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев пиргIавнил къавмалда тIад ракъи биччана, гарцIги, нацIги, къверкъалги риччана, тIупан тIун цIад бана, кинабго лъим ва квен биялда сверизабуна. Цогиги мугIжизатал ва гIаламатал рихьизаруна.
Ахирги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ изну кьуна Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасе жиндир къавмги бачун Мисриялдаса къватIиве вахьине. Гьесда амруги гьабун букIана ралъдал рагIалда щвараб мехалъ гьеб ралъадалда гIанса кьабеян ва гьеб анцIила кIиго бутIаялда бикьун нужер щибаб къокъа жанисан унеб нух лъугьизе бугин абун. Мусада хадуб бахъарб пиргIавнил ахIи рогьалил гIужалъ бануисраилазда хадуб гъезе гIагарлъана, гьелги ралъдал рагIалде щун, церехун ине нух гьечIого хутIун рукIана. Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагасда ралъадалда гIанса кьаби кIоченабун букIана жиндир къавмалъул хIинкъи ва зигарди цIикIинегIан ва пиргIавнил боял жидеде рихьулеб бакIалда щвезегIан.
Цинги бануисраилал цIакъ хIинкъана ва Мусаде عَلَيْهِ السَّلَامُ гIайиб чIван кIалъазе лъугьана дуца ниж гьаб рес къотIараб бакIалда ккезарунин ва гьанже нилъ киналго пиргIавнил гIаштIичагIаца чIван ралъдалъе ралилан. Гьеб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Муса аварагасда ракIалда щвезабуна ралъадалда гIанса кьабизе. Гьеб гIанса кьабурабго кIудиял мугIрузда гьоркьор ругел кIкIалал гIадин ралъдалъан нухал лъугьана ва гьенир жаниса ун бануисраилалги ралъдал цогидаб рахъалъан къватIире рахъана. Гьезда хадурго ралъдалъе лъугьана пиргIавнги ва гьесул боялги. Гьезул ахирияв чи жанив лъугьараб мехалъ, жидер цереселги къватIир рахъичIого рукIадго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ралъад гьезда тIаде биччана.
Цингиги бануисраилазул цо къокъаялъ абуна: «Ниж божулел гьечIо пиргIавн ралъдалъ гъанкъана абун, гьев хвана абун». Муса аварагас Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарун гьев пиргIавнил къаркъала ралъдалъа къватIибе рехана ва киназдаго бихьун ралъдал рагIалда гьорон, чIегIерлъун, махIцун букIана.

يَٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ قَدۡ أَنجَيۡنَٰكُم مِّنۡ عَدُوِّكُمۡ وَوَٰعَدۡنَٰكُمۡ جَانِبَ ٱلطُّورِ ٱلۡأَيۡمَنَ وَنَزَّلۡنَا عَلَيۡكُمُ ٱلۡمَنَّ وَٱلسَّلۡوَىٰ ٨٠

**80. Я Бануисраилал!** Нужеца ракIалда щвезабе:**х1акълъунго, дица нужер умумул гьезул тушман пиргIавнил зулмуялдаса хвасар гьаруна.**
Нужер васал хьолев вукIарав, цIакъ захIматал

хIалтIаби малъун нуж лагъзаллъун ккунги вукIарав. Гьев пиргIавн гъанкъизавуна ва нужер умумул хвалдаса хвасар гьаруна. **Цинги дица Муса аварагасе къотIиги гьабуна гьев ТIурсайнаъ мегIералда ахIун гьесухъе таврат кьезе ва гьесда калам гьабизе. Гьеб амру тIубан хадуб бануисраилал «Тигь» абулеб ракьалда сверула ругеб мехалъ гьезие зодисан «манна» ва «сальва» рештIинабуна** гьезда щибго гIакъуба- захIмат бихьичIого жидеца гьеб ризкъи кваназе.

كُلُوا۟ مِن طَيِّبَٰتِ مَا رَزَقْنَٰكُمْ وَلَا تَطْغَوْا۟ فِيهِ فَيَحِلَّ عَلَيْكُمْ غَضَبِى ۖ وَمَن يَحْلِلْ عَلَيْهِ غَضَبِى فَقَدْ هَوَىٰ ﴿٨١﴾

**81.** Ва дица гьездаги абуна: **«Нужеца кванае хIалалаб ва лазатаб тIагIам дица нужее ризкъилъун кьураб жоялдаса. Гьеб Дир ризкъи Дида гIасилъиялъе сабаблъунги гьабуге.**

Дица нуж берцинал ва хIалалал нигIматал кьун хьихьараб мехалъ, нужеца дие щукру гьабе ва дир амруялдаги гIасилъуге.

**Гьедин нуж гIасилъани ва дир нигIматазда щукруги гьабичIони нужеда дир гIазаб щвезе буго»-абун. Гьеб дир ццим бахъи ва гIазаб жинда рештIарав чи жив гьалаглъарав ва гIадада хварав вукIуна.**

وَإِنِّى لَغَفَّارٌ لِّمَن تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا ثُمَّ ٱهْتَدَىٰ ﴿٨٢﴾

**82. Х1акълъунго Дун цIакъ гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго жинца тавбо гьабун купру-ширк тун, дида иман лъурав ва дир аварагазабазда нахъвилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясда.**

۞ وَمَآ أَعْجَلَكَ عَن قَوْمِكَ يَٰمُوسَىٰ ﴿٨٣﴾

**83. Мун дур къавмалдаса ватIалъун дихъе гIедегIун вачIинавураб жо щиб бугеб я Муса** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ**!**

Замахшарияс абуна: Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ к1алъазе ТIурсайнаалда унеб мехалъ Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ аварагас живгун цадахъ къавмалъул лъикIал гIадамал рачун рукIана. Гьеб ТIур мегIералда гIагарлъараб мехалъ Муса авараг гьалмагълъиялдаса ватIалъун цеве ун вукIана, БетIергьанасда кIалъазе гIашикълъун.

قَالَ هُمْ أُو۟لَآءِ عَلَىٰٓ أَثَرِى وَعَجِلْتُ إِلَيْكَ رَبِّ لِتَرْضَىٰ ﴿٨٤﴾

**84. Мусаца абуна: «Гьеб дир къавм гьаб бакIалда гIагарда руго.** Гьел дида хадурго рачIунел руго. **Дун духъе гIедегIана, дир БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**, мун дида разилъизе бокьун»-абун.**

قَالَ فَإِنَّا قَدْ فَتَنَّا قَوْمَكَ مِنۢ بَعْدِكَ وَأَضَلَّهُمُ ٱلسَّامِرِىُّ ﴿٨٥﴾

**85. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **абуна: Мун гьездаса ватIалъун хадуб дур къавм х1акълъунго дица питнаялда ккезабуна. Гьеб къавм**

**хIакъаб диналдаса къосизабуна Самирияс.**

Гьес гIарац меседалъул бачил сурат гьабун, гьеб бече алагь бугин абун, гьелъие лагълъи гьабизе тIамуна бануисраилал. Гьев Самирияв вукIана бануисраилазда гьоркьов жив лъугьарав сихIручи, гIакаялъе лагълъи гьабулеб къавмалдаса жив вугев.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнужаририда бицараб халатаб хIадисалда буго: жиндир къавмги бачун Муса Шамалъул рахъалда унаго гьезда цо къавм батана хъанчал алагьзабилъун ккун гьезие лагълъи гьабулел. Мусада гьесул къавмалъ абуна: «Я Муса! Дуца нижееги гьаре гьадинал алагьзаби нижеца гьезие лагълъи гьабизе»-абун. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «ЦIакъ жагьилаб, ахIмакъаб къавм буго нуж! Гьал руго жидеца батIулаб жо гьабулел, жидее жужахI букIине бугел гIадамал. Нужеда гIезегIанго вагIза ргIана, гIемерал мугIжизаталги рихьана, гьанжеги гьеб ахIмакъаб жо бицине бегьилищ нужеца?»-абун.

Дагьалги ццерегIан индалго Муса عَلَيْهِ السَّلَام аварагас къавм цо бакIалда рештIинабун тана, гьезда тIад амирлъун Гьарунги тана ва гьес абуна: «Дун унев вуго дир БетIергьангун к1алъазе. Нуж гьав Гьарунида мутIигIлъе ва гьес малъараб хIалалъ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабе»-абун. Мусаца гьезие къотIи гьабун букIана лъеберго къоялдаса жив вачIине вугин абун.

Цинги къавмалъул лъикIал муъминзабазул цо къокъаги цадахъ бачун Муса عَلَيْهِ السَّلَام ТIурсайнаалде ана. Лъеберго къоялъ ва сордоялъ жинца кIалги ккуна. Лъеберго къо гIураб мехалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ к1алъалелде цебе жиндир кIалдиб бугеб квешаб махI инзабизе бокьун, дагьабго хер кванана. БетIергьан Аллагьасда к1алъазе къасд гьабидал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда абуна дуца кIал щай биччараб?-абун. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «Дир кIалдиб бугеб махI инзабизе бокьун, гьеб махIгун дуда калам гьабизе бокьичIого биччана»-абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абуна: «Я Муса! Дуда лъаларищ кIал ккурав чиясул кIалдиб бахъараб махI дида аскIоб мискалъул махIалдасаги лъик1аб букIунеблъи? Мун тIад вусса ва анцIго къоялъ кIалги ккун вачIа дида к1алъазе»-абун. Муса عَلَيْهِ السَّلَام авараг Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру тIубан цоги анцIго къоялъ кIалги ккун гьеб магIарда аскIов чIана.

Гьарун عَلَيْهِ السَّلَام авараг бануисраилалгун вукIана. Гьес цо къоялъ гьездехун хитIаб гьабун абуна: нуж Мисриялдаса къватIир рахъулеб мехалъ нужехъ букIана КъибтIияз кьураб гIарац меседалъул курхьен-кIиликI. Гьеб кьун букIана нужеца хъулухъ тIубараб мехалъ нахъе кьезеян абун. Гьеб гIарац-месед нужее хIалалаб нужер боцIи гьечIо. Гьеб КъибтIиязухъе кьезеги нилъее рес гьечIо. Дида лъикIаблъун бихьулеб

буго гьеб гIарац-месед данде гьабун цо гвендиниб бан бухIизе. Гьедин гьабуни нуж мунагьалдаса рахъун ккелаян абун. Цинги гвенд бахъана ва жидехъ букIараб КъитIбиязул гIарац-месед гьениб жаниб бан гьелда цIаги бакана.

Самирияв вукIана бануисраилалгун цадахъ Мисриялдаса къватIиве вахъарав сихIручи. Ралъад бихъун, гьеб ралъдалъа къватIире рачIунеб мехалъ Жабраил малаик вукIана Муса аварагасе нух бихьизабун гьелгун цадахъ вилълъунев. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Самириясда гьев Жабраил малаикасул чол лъалкI бихьизабун, Самирияс гьеб лъалкIалдаса хъатиниб ракь босун букIана ва кидаго хъат рагьичIого кодоб гьебги ккун вукIана. Гьарун عَلَيْهِالسَّلَامُ аварагас гьесда абуна: «Дуца гIодоб щай рехулареб дур хъатиниб бугеб жо»-абун. Самирияс абуна: «Дица гьаб гIодобе рехиларо дуца Аллагьасда гьарун гурони дица гьеб рехараб мехалъ дие бокьараб мурад тIубаян»-абун. Гьаруница Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ дугIа гьабуна ва Самирияс, ракьги гIодобе рехун абуна гьаб гвандиниб бугеб жоялъул бече лъугьинабе-абун.

Цинги гьениб букIараб гIарац-меседниги, тIохьи-маххниги цоцаде жубана ва гьелъул бачилалда релълъараб сурат бугеб къаркъала лъугьана. Гьеб къаркъалаялда рухI букIинчIо, гьелъул гьаракьги букIинчIо. ИбнугIаббасица абуна: «Валлагьи, гьеб бечеялъул гьаракь букIинчIо. Гьеб бече жаниса гьодораб букIана ва гьелъул нахъияб рахъалдаса жаниб лъугьун кIалдиса къватIибе гьури бачIунеб мехалъ, гьеб гьуриялъул сас бахъулеб букIана»-абун.

Цинги бануисраилал чанго къокъаялде рикьана. Цо къокъаялъ Самириясда абуна: «Гьаб жо щиб бугеб, дуда гьеб щиб бугеблъи лъалеб батизе кколина»-абун. Самирияс абуна: «Гьаб буго нужер бетIергьан. Муса عَلَيْهِالسَّلَامُ авараг жиндир БетIергьанасухъе анин абун нух къосун ккун вугоян»-абун. Цоги къокъаялъ абуна: «Нилъеца гьав Самирияс бицулеб жо гьереси гьабиларо Муса тIад вуссун вачIинегIан. Гьаб нилъер бетIергьан ватани нилъеца гьелъие зарал гьабичIого букIина. Гьеб гьереси батани нилъ Мусаца бицараб жоялда нахърилълъина»-абун. Лъабабилеб къокъаялъ абуна: «Гьаб жо щайтIаналъул гIамал буго, гьаб нилъер бетIергьан гьечIо. Гьаб нилъеца ритIухъ гьабуларо ва нилъеца гьалда иманги лъоларо»-абун. Цо къокъа цIакъго гьеб бечеги бокьун, гьеб алагьлъун ккун гьелъие лагълъи гьабизе лъугьана.

Гьарун عَلَيْهِالسَّلَامُ аварагас гьезда абуна: «Я дир къавм! Нуж гуккун руго ва питнаялда ккезарун руго! Нужер БетIергьан, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго, гьев цIакъ гурхIулевги вуго! Нуж дир амруялда нахърилълъа ва дие мутIигIлъе»-

абун. Гьеб къавмалъ абуна: «Муса кивеха арав; лъеберго къоялдаса вачIине абун арав кIикъого къо гIолеб мехалъги вачIуларев?»-абун. Гьезул бищунго ахIмакъаз абуна: Муса жиндир БетIергьанги вилун гьев цIехолев вугин»-абун.
ТIадегIанав Аллагь Мусаде عَلَيْهِ السَّلَامُ кIалъана, гьесул къавмалъ гьабураб жоги гьесде бицана. Мусахъе عَلَيْهِ السَّلَامُ Таврат т1ад хъварал хъарщал кьуна ва гьев къавмалъухъе вачIана.

فَرَجَعَ مُوسَىٰٓ إِلَىٰ قَوْمِهِۦ غَضْبَٰنَ أَسِفًاۚ قَالَ يَٰقَوْمِ أَلَمْ يَعِدْكُمْ رَبُّكُمْ وَعْدًا حَسَنًاۚ أَفَطَالَ عَلَيْكُمُ ٱلْعَهْدُ أَمْ أَرَدتُّمْ أَن يَحِلَّ عَلَيْكُمْ غَضَبٌ مِّن رَّبِّكُمْ فَأَخْلَفْتُم مَّوْعِدِى ﴿٨٦﴾

**86. Цинги Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир къавмалъухъе вуссана цIакъ ццим бахъун ва ракI къварилъун. Гьес абуна: «Я дир къавм! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее цIакъ берцинаб къотIи гьабун букIана гурищ?**
Нужее тIехь рештIинабизе къотIи гьабун, ун вукIана гурищ дун БетIергьан Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ к1алъазе. **Гьеб заман цIакъго халалъунишха ккараб, нужее гьабураб къотIи кIочезе ккани, яги нужее бокьунищ бугеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъи ва гIазаб нужеде рештIизе, гьедин нужеца дие гьабураб къотIиги хвезабун бугеб?»-абун.** Гьел бануисраилаца Мусае عَلَيْهِ السَّلَامُ къотIи гьабун букIана кидаго гьесул рагIиялда хилиплъи гьабиларин ва гьес малъухъин динги гьабилин абун.

قَالُوا۟ مَآ أَخْلَفْنَا مَوْعِدَكَ بِمَلْكِنَا وَلَٰكِنَّا حُمِّلْنَآ أَوْزَارًا مِّن زِينَةِ ٱلْقَوْمِ فَقَذَفْنَٰهَا فَكَذَٰلِكَ أَلْقَى ٱلسَّامِرِىُّ ﴿٨٧﴾

**87. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижеца дуе гьабураб къотIи хвезабичIо нижеего бокьун. Киниги нижгун цадахъ букIана КъибтIиязул гIарац месед. Нижеца гьеб гвендиниб рехана Гьаруница амру гьабун. Гьединго Самириясги рехана гьеб гвендиниб живгун цадахъ букIараб гIарац-месед.**
Цинги гьеб гвендиниб Самирияс рехана живгун цадахъ букIараб Жабраил малаикасул чол лъалкIалдаса босараб ракь.

فَأَخْرَجَ لَهُمْ عِجْلًا جَسَدًا لَّهُۥ خُوَارٌ فَقَالُوا۟ هَٰذَآ إِلَٰهُكُمْ وَإِلَٰهُ مُوسَىٰ فَنَسِىَ ﴿٨٨﴾

**88. Самирияс гьеб гIарац-меседалъул бачил сурат бугеб къаркъала гьабуна. Жиндир гьаракьги букIунеб бачил гьаракьалда релълъараб. Самирияс ва гьес къосизабун бачие лагълъи гьабураб къокъаялъги гьеб къавмалдаги абуна: «Гьаб буго нужерги Мусалги аллагь. Мусае гьаб гьаниб кIочIон буго, живго Аллагь цIехезе ун**

**вуго»-абун.**

**89. ТIадегIанав Аллагьас гьезул ахIмакълъи баян гьабун абулеб буго: «Гьез пикруго гьабуларищ гьеб жо букIин щибго гьездехун хитIаб гьабулареб, рухI гьечIеб къаркъала. Жидее щибго хайир ва зарал гьабизеги кIолареб»-абун.**

أَفَلَا يَرَوْنَ أَلَّا يَرْجِعُ إِلَيْهِمْ قَوْلًا وَلَا يَمْلِكُ لَهُمْ ضَرًّا وَلَا نَفْعًا ﴿٨٩﴾

**90. Х1акълъунго Муса** عَلَيْهِ السَّلَامُ **вачIинелде цебе Гьаруницаги** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абун букIана гьел бануисраилазда: «Я дир къавм! Х1акълъунго нуж гуккун руго гьаб бачил сураталъ. Нужер БетIергьан жиндир гурхIел цIоб кIудияв Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго. Нуж дида нахърилълъа ва дир амруялда мутIигIлъе»-абун.**

وَلَقَدْ قَالَ لَهُمْ هَارُونُ مِن قَبْلُ يَا قَوْمِ إِنَّمَا فُتِنتُم بِهِ ۖ وَإِنَّ رَبَّكُمُ الرَّحْمَٰنُ فَاتَّبِعُونِي وَأَطِيعُوا أَمْرِي ﴿٩٠﴾

**91. Бачие лагълъи гьаби бокьараб къокъаялъ Гьарунида** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Нижеца гьаб бечеялъе лагълъи гьабизе буго ва гьеб лагълъи гьаби тезеги гьеч1о Муса нижехъе вачIун гурони»-абун.**

قَالُوا لَن نَّبْرَحَ عَلَيْهِ عَاكِفِينَ حَتَّىٰ يَرْجِعَ إِلَيْنَا مُوسَىٰ ﴿٩١﴾

**92.93.** Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмалъухъе вач1идалго ва гьел бачие лагълъи гьабиялда т1ад ч1унги ратидал, гьесул ц1акъ ццим бахъана ва **Мусаца Гьарунида** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Я Гьарун! Мун щиб жоялъ нахъе чIварав гьал чагIи къосун рихьараб мехалъ дур ццим бахъичIого вукIине, гьаб дир ццим бахъараб хIалалъ! Мун дир амруялда гIасилъунищ вугев»-абун.** Аллагьасул салам лъеяв Муса авараг Гьарунида عَلَيْهِ السَّلَامُ аскIове щведалго жинда кодор рукIарал хъарщалги гIодоре рехун гьес кваранаб квералъ Гьарунил ботIрол рас ккун, квегIаб квералъ мегежалъул расги ккуна ва цIакъ ццим бахъун Гьарунги кIовокIулаго Мусаца абуна: «Гьаб къавм ширк гьабулеб бихьараб мехалъ дуца кин яхI гьабураб гьезда ццим бахъичIого ва гьел нахъе чIвачIого! Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин гIодобегIан гьабулеб бихьараб мехалъ дуца кин гьеб хIехьараб? Гьаб дир ццим бахъи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло буго! Дурги щай гьадин ццим бахъулареб?»-абун.

قَالَ يَا هَارُونُ مَا مَنَعَكَ إِذْ رَأَيْتَهُمْ ضَلُّوا ﴿٩٢﴾ أَلَّا تَتَّبِعَنِ ۖ أَفَعَصَيْتَ أَمْرِي ﴿٩٣﴾

**94. Гьаруница абуна**: Мусал ццим гIодобе буссине ва гьесул рекIелъ гурхIел рештIине бокьун: **«Я дир эбелалъул вас»-абун.** Эбелалъул цIар

قَالَ يَا ابْنَ أُمَّ لَا تَأْخُذْ بِلِحْيَتِي وَلَا بِرَأْسِي ۖ إِنِّي خَشِيتُ أَن تَقُولَ فَرَّقْتَ بَيْنَ بَنِي إِسْرَائِيلَ وَلَمْ تَرْقُبْ قَوْلِي ﴿٩٤﴾

рехсараб мехалъ инсан гIодове виччалеб гIадат бугелъул. **Дуца дир мегеж ва бетIер ккоге ва дун кIовокIуге! Х1акълъунго Дун хIинкъана дуца дида гIайиб чIваялдаса дица бануисраилал рикьизарун цоцазде рагъизарунин»-абун.**

Дица къуваталдалъун бачие лагълъи гьабулел нахъе чIван рукIаралани нижедаги гьезда гьоркьоб рагъ ккезе букIана ва ниж цояз цоял чIвазе рукIана абун. **Цинги дица бицараб жоялда мунги гIенеккиларин хIинкъана дун.** Муса аварагас Гьарунил рас биччан тана, гьесда тIаса лъугьинги гьарана ва жив Самириясда аскIове ана.

قَالَ فَمَا خَطْبُكَ يَـٰسَـٰمِرِيُّ ﴿٩٥﴾

95. **Мусаца абуна: «Гьаб щиб жо кколеб дуца гьабураб, ва сунца мун тIамурав гьеб иш гьабизе я Самирияв»-абун.**

قَالَ بَصُرْتُ بِمَا لَمْ يَبْصُرُوا۟ بِهِۦ فَقَبَضْتُ قَبْضَةً مِّنْ أَثَرِ ٱلرَّسُولِ فَنَبَذْتُهَا وَكَذَٰلِكَ سَوَّلَتْ لِى نَفْسِى ﴿٩٦﴾

96. **Самирияс абуна: «Дида бихьана бануисраилазда бихьичIеб жо»-абун.** Жабраил малаик вихьана духъе вачIарав. **Дида ракIалда ккана гьеб чуялъул лъакIалдаса ракь босизе. Дица гьеб ракь босана ва дица гьеб рехана доб бечеялъул сураталда бугеб къаркъалаялда.** Цинги гьелъул гьаракьги лъугьана. **Гьаб иш дица гьабуна дирго напсалъе бокьун»-абун.** Цоги щибго жоялъ тIамичIо дун гьеб гьабизе.

Цоги Г1алимзабаца абуна: «Самирияс гьеб ракь рехана жиб биараб г1арац-меседалда т1аде ва жинца абуна: «Гьаб биараб г1арац-меседалъул бече лъугьа»-абун. Гьелъул бечеялда релъараб къаркъала лъугьана жиндир бачил г1адаб гьаракьги бугеб»-абун.

قَالَ فَٱذْهَبْ فَإِنَّ لَكَ فِى ٱلْحَيَوٰةِ أَن تَقُولَ لَا مِسَاسَ ۖ وَإِنَّ لَكَ مَوْعِدًا لَّن تُخْلَفَهُۥ ۖ وَٱنظُرْ إِلَىٰٓ إِلَـٰهِكَ ٱلَّذِى ظَلْتَ عَلَيْهِ عَاكِفًا ۖ لَّنُحَرِّقَنَّهُۥ ثُمَّ لَنَنسِفَنَّهُۥ فِى ٱلْيَمِّ نَسْفًا ﴿٩٧﴾

97. **Муса аварагас абуна: «Мун нижеда аскIоса нахъе а! Х1акълъунго гьаб дунялалъул рокъоб дуе бугеб гIазаб буго «Дида хъатIуге»**(хъваге) **абун ахIулев вукIин мун хвезегIан.** Гьев Самирияв цониги чиясда хъатIичIого, гIадамаздаса ватIалъун чIезавуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. **Х1акълъунго дуе ахираталдаги гучаб гIазаб букIине къотIи буго ва гьебги жиб хисулареб мухIканаб къот1и буго. Гьанже мун валагье дурго алагьасда (бечеялда) жиндие дуца ва дуда нахърилълъараз лагълъи гьабураб. Дица гьеб бухIун хIурлъун лъугьинабила ва гьеб хIурги дица ралъдалъе бала.**

Щибго асар нахъе хутIиларо нужер хъанчалъул, Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк

гьабизе нужеца ургъараб. Гьединаб жойищ алагь букӀунеб?. Жибго цӀунизе кӀолареб, гьелъ цогидазе щиб кумек гьабулеб?

إِنَّمَآ إِلَٰهُكُمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِي لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَۚ وَسِعَ كُلَّ شَيۡءٍ عِلۡمٗا ۝٩٨

**98. Х1акълъунго жиндие гӀибадат гьабизе хӀакъав нужер БетӀергьан жив цогояв Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, жив гурев цоги гьечӀев, гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гӀелмуги зобал ракьазда бугеб кинабго жоялда жиб щвараб буго.** Гьесие щибго жо балъго хутӀуларо. Нужеца гьабураб лъикӀабги квешабги гӀамал гьесда лъала ва нужее гьелда рекъараб жаза гьабила. Сабунияс абуна: гьал бануисраилал хъанчие лагълъи гьабизе гӀедегӀиялъе ва гьезие гьеб бокьиялъе сабаб букӀанин гьел гӀемерал соназ хъанчие лагълъи гьабулеб пиргӀавнил къавмалда гьоркьор рукӀин ва гьезул ракӀилъан гьеб квешаб асар тӀагӀунарого букӀин-абун. Гьаб х1ал бук1унеб буго инсанасул жиндирго напсалъул къадро лъач1еб мехалъ, жив щиб бугониги жоялъул лагъ ва гьелда божарав вугеб мехалъ.
Гьелъие мисал буго нилъеда гьоркьор рук1ин жал бусурбабилъун ругел ва жидее жакъаги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун, гьесда данде рагъ балел рук1арал каммунистал рокьулел, гьезул х1акъикъат щиб бук1араб жидеда бич1ч1уларел г1адамал.

كَذَٰلِكَ نَقُصُّ عَلَيۡكَ مِنۡ أَنۢبَآءِ مَا قَدۡ سَبَقَۚ وَقَدۡ ءَاتَيۡنَٰكَ مِن لَّدُنَّا ذِكۡرٗا ۝٩٩

**99. Гьадин дица дуда рицуна МухӀаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, цересел умматазул харбал.** Муса عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ аварагасул къиса бицараб гӀадин цогидал аварагзабазул ва гьезул умматазул къисабиги рицуна, гьелдалъун дуца къавмалъе вагӀза гьабизе ва гьез гьелдаса гӀибратги босизе. **Х1акълъунго Дица духье Къуръанги кьун буго дир рахьалъан бугеб тӀоритӀеллъун.** Дуе мугӀжизатлъун ва умматалъе рахӀматлъун.

مَّنۡ أَعۡرَضَ عَنۡهُ فَإِنَّهُۥ يَحۡمِلُ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ وِزۡرًا ۝١٠٠

**100. Гьеб Къуръаналда иман лъеялдаса ва гьелда нахъвилълъиялдаса вуссарав чи къиямасеб къоялъ цӀакъ кӀудиял мунагьалги раччун вачӀуна** ва жагьанамаялда жанив ккола.

خَٰلِدِينَ فِيهِۖ وَسَآءَ لَهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ حِمۡلٗا ۝١٠١

**101. Даимго вукӀинелъун лъугьинавула гьев жужахӀалда ва цӀакъ кӀудияб ва квешаб гьир буго гьеб къоялъ гьез баччун букӀунеб мунагьазул гьир!**

يَوۡمَ يُنفَخُ فِي ٱلصُّورِۚ وَنَحۡشُرُ ٱلۡمُجۡرِمِينَ يَوۡمَئِذٖ زُرۡقٗا ۝١٠٢

**102. Исрафил малаикас ссур пураб къоялъ дица гьел капурзаби махӀшаралда данде ракӀарула гьезул**

**гьурмал ч1ег1ераллъун, бералги цIикараллъун.**
Гьеб цIакъ сурараб сипат буго, жиндаса инсан хIинкъулеб.

**103. МахIшаралъул захIмалъи жидеда бихьидал гьел балъгого цо-цазде шуршудула нилъеца дунялалда цо анцIго къо гурони бан батиларин абун.** يَتَخَٰفَتُونَ بَيۡنَهُمۡ إِن لَّبِثۡتُمۡ إِلَّا عَشۡرٗا ﴿١٠٣﴾

**104. Дида лъала гьез цо-цазде шурун бицугеб жоги, гьезул гIакъло бугез абулеб рагIиги: нилъеца цохIо къо гурони бачIин дунялалдаян абун.** نَّحۡنُ أَعۡلَمُ بِمَا يَقُولُونَ إِذۡ يَقُولُ أَمۡثَلُهُمۡ طَرِيقَةً إِن لَّبِثۡتُمۡ إِلَّا يَوۡمٗا ﴿١٠٤﴾

**105. Дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъ гьал мугIрузул щиб хIал букIунеб абун. Дуца гьезда абе: Дир БетIергьанас гьел мугIрул хIур лъугьинабун, гьороца росизарун, щущазе гьарула.** وَيَسۡـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلۡجِبَالِ فَقُلۡ يَنسِفُهَا رَبِّي نَسۡفٗا ﴿١٠٥﴾

**106. Цинги гьеб бакIги цIвакараб къоно гIадин лъугьуна жинда тIаде щибго жо гьечIеб.** فَيَذَرُهَا قَاعٗا صَفۡصَفٗا ﴿١٠٦﴾

**107. Дуе гьениб гьетIараб бакIги бихьуларо, борхатаб ва гвенд бугеб бакIги бихьуларо.** لَّا تَرَىٰ فِيهَا عِوَجٗا وَلَآ أَمۡتٗا ﴿١٠٧﴾

**108. Гьеб къиямасеб къоялъ кинабго халкъ билълъуна жинца махIшаралда халкъ ахIулев чиясда хадур: цониги чи гьеб ахIиялъе жаваб кьеялдаса виссунаро. Киналго гьаркьалги гьеб къоялъ сихI къотIун, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелун рукIуна. Гьеб къоялъ цIакъ гьитIинаб, жиб рагIулареб сас гурони букIунаро.** يَوۡمَئِذٖ يَتَّبِعُونَ ٱلدَّاعِيَ لَا عِوَجَ لَهُۥۖ وَخَشَعَتِ ٱلۡأَصۡوَاتُ لِلرَّحۡمَٰنِ فَلَا تَسۡمَعُ إِلَّا هَمۡسٗا ﴿١٠٨﴾
Гьеб сасги махIшаралдехун унеб халкъалъул хIатIазул гьаракь букIуна.

**109. Гьеб къоялъ щивниги чиясул шапагIаталъ кумек гьабуларо, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие изну кьун ва жиндир рагIиялда разилъун шапагIат гьабизе виччарасул шапагIаталъ гурони.** يَوۡمَئِذٖ لَّا تَنفَعُ ٱلشَّفَٰعَةُ إِلَّا مَنۡ أَذِنَ لَهُ ٱلرَّحۡمَٰنُ وَرَضِيَ لَهُۥ قَوۡلٗا ﴿١٠٩﴾
Гьеб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда разияб рагIиги буго ракIалъ камилго иман лъун лагъас абураб «лаилагьа илла Ллагь» абураб рагIи.

**110. ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир лагъзадерица дунялалда гьарурал гIамалал, ахираталда гьезул** يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡ وَلَا يُحِيطُونَ بِهِۦ عِلۡمٗا ﴿١١٠﴾

**бук1унеб хIалги. ГIадамазул гIакъло ва гIелму нахъ гIунтIуларо Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIелмуялда ва гьесул пишабазда.**

**111. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ мутIигIлъун, мукIурлъун ва хIелун букIуна жиндир къуват гуч бергьарав, жив чIагояв, жинца кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ. Х1акълъунго гьеб къоялъ жив чIового хутIарав ва инжитлъарав вуго жинца дунялалда вугеб мехалъ ширк гьабулевлъун вукIарав чи.**

۞وَعَنَتِ ٱلۡوُجُوهُ لِلۡحَيِّ ٱلۡقَيُّومِۖ وَقَدۡ خَابَ مَنۡ حَمَلَ ظُلۡمٗا ١١١

Гьесул цониги гIамал къабул гьабуларо ва гьев жиндир мурадаздаги щоларо.

**112. Жинца иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарав чи ахираталда жиндие щибго хIинкъи гьечIев вуго:**

وَمَن يَعۡمَلۡ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَهُوَ مُؤۡمِنٞ فَلَا يَخَافُ ظُلۡمٗا وَلَا هَضۡمٗا ١١٢

Гьесул лъикIаб гIамал камизе гьабун гьесие зарал гьабуларо. Гьес гьабичIеб квешаб гIамал тIаде цIикIинабун зулмуги гьабуларо.

**113. Гьаб Къуръаналда жанир цересел умматазул къисаби ругеб гIадинго, дица гьаб Къуръан дуда рештIинабуна жиб пасихIаб ва баянаб гIараб мацIалда.**

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلۡنَٰهُ قُرۡءَانًا عَرَبِيّٗا وَصَرَّفۡنَا فِيهِ مِنَ ٱلۡوَعِيدِ لَعَلَّهُمۡ يَتَّقُونَ أَوۡ يُحۡدِثُ لَهُمۡ ذِكۡرٗا ١١٣

Гьелдалъун гIадамазда лъазе гьаб Къуръан инсанасул калам гьечIеблъи. **Дица гьаб Къуръаналда жаниб такрар гьабун хIинкъиги кьолеб буго дида гIасилъаразе букIине бугеб гIазабалдалъун. Гьел гIадамал хIинкъизе бокьун ва гьезул ракIазулъ вагIза лъугьизе бокьун.** Гьелдалъун жидеца купру-ширк ва гIасилъаби тезе ва тавбо гьабун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялда гьел руссизе.

**114. Гьел мушриказ ва капурзабаца жиндие гьарулел сипатаздаса ТIадегIанав ва вац1цIадав вуго кинабго махлукъалъул хIакъав ханлъун жив вугев БетIергьан Аллагь.**

فَتَعَٰلَى ٱللَّهُ ٱلۡمَلِكُ ٱلۡحَقُّۗ وَلَا تَعۡجَلۡ بِٱلۡقُرۡءَانِ مِن قَبۡلِ أَن يُقۡضَىٰٓ إِلَيۡكَ وَحۡيُهُۥۖ وَقُل رَّبِّ زِدۡنِي عِلۡمٗا ١١٤

**Дуца Къуръан цIализе хехлъи гьабуге МухIаммад, дуда гьеб Жабраилас вахIю гьабун тIубазегIан. Ва дуца Аллагьасдаги гьаре МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, г1елму ц1ик1изабе абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: жинда Аллагьасул

свалат салам лъеяв аварагас хехлъи гьабулеб букIана Жабраиласда цадахъ гьес жиндие цIалулеб Къуръан цIализе. Гьеб Къуръан жиндир ракIалда чIезе бокьун ва гьелъул щибниги жо жинда кIочена абунги хIинкъун. Гьеб хехлъи гьабуге абун абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас, цоги аяталдаги абураб гIадин: «Дуца дур мацI багъаризе гьабуге гьеб Къуръан хехго цIализе»-абун.

وَلَقَدْ عَهِدْنَآ إِلَىٰٓ ءَادَمَ مِن قَبْلُ فَنَسِىَ وَلَمْ نَجِدْ لَهُۥ عَزْمًا ﴿١١٥﴾

**115. Х1акълъунго Дица Адам аварагасдаги амру гьабун букIана цебесеб заманалъго пуланаб гъветIалдаса кванаге абун. Гьесие дир амру кIочана ва дида гьесул къвакIараб тIад чIейги батичIо жинда гьабуге абун абураб жо гьабичIого тезе.**

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَٰٓئِكَةِ ٱسْجُدُوا۟ لِءَادَمَ فَسَجَدُوٓا۟ إِلَّآ إِبْلِيسَ أَبَىٰ ﴿١١٦﴾

**116. Дуца умматалда бице МухIаммад ﷺ дица малаикзабазда абураб гIуж: «Нужеца Адамие сужда гьабе»-абун. Гьел киназго сужда гьабуна цохIо иблисалъ хутIизегIан. Гьеб иблисалъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру тIубачIо ва жиб гьесда гIасияблъун лъугьана.**

Ассави абулев гIалимас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас гьаб Адамил عَلَيْهِ السَّلَامُ къиса анкьго батIияб сураталда жаниб такрар гьабун бицана лагъзадерида лъазе Аллагьасул амруялда нахърилълъине тIадаб букIин ва иблисги, гьелъул насло щайтIабиги инсанасул тущбаби рукIинги лъазе.

فَقُلْنَا يَٰٓـَٔادَمُ إِنَّ هَٰذَا عَدُوٌّ لَّكَ وَلِزَوْجِكَ فَلَا يُخْرِجَنَّكُمَا مِنَ ٱلْجَنَّةِ فَتَشْقَىٰٓ ﴿١١٧﴾

**117. Цинги дица Адамида абуна: «Я Адам! Х1акълъунго Гьаб иблис дур тущман буго, дур чIужуялъеги тушман буго. Нуж гьеб иблисалъе мутIигIлъуге. Гьелъие нуж мутIигIлъани гьелъ нуж алжаналдаса къватIире рахъизе гьарула ва нужги бахьикъосараллъун лъугьуна»-абун.**

Мун цIакъаб захIмалъиялда ккезе вуго дунялалъул ризкъи тIалаб гьабизе ккун.

إِنَّ لَكَ أَلَّا تَجُوعَ فِيهَا وَلَا تَعْرَىٰ ﴿١١٨﴾

**118. Х1акълъунго дуе гьаб алжаналда жаниб вакъи гьечIо, ва мун г1иц1гоги хут1уларо,** ретIел къваригIунаро.

وَأَنَّكَ لَا تَظْمَؤُا۟ فِيهَا وَلَا تَضْحَىٰ ﴿١١٩﴾

**119. Х1акълъунго Дуе гьениб жаниб бакъул бухIи гьечIо ва къечалъул ургъелги гьечIо.**

Гьеб алжан буго хIалхьиялъул ва рохалил рукъ, гьениб свакай-гIакъуба

гьечIо, бухIи-цIоройги гьечIо. Гьениса къватIив вахъани гьал киналго умурал дуда тIаде ричIине руго.

فَوَسْوَسَ إِلَيْهِ ٱلشَّيْطَٰنُ قَالَ يَٰٓـَٔادَمُ هَلْ أَدُلُّكَ عَلَىٰ شَجَرَةِ ٱلْخُلْدِ وَمُلْكٍ لَّا يَبْلَىٰ ﴿١٢٠﴾

**120. Цинги гьеб щайтIаналъ Адамил рекIелъ вас-вас ккезе гьабун абуна: «Я Адам! Дица дуда малъилищ кидаго мун алжаналда жанив хутIулеб къагIида ва дуца жиндаса кванани мун чIаго хутIулеб ва дур нигIматалги кидаго тIаса унареб гъветIалда тIовитIилищ мун?»-абун.**

فَأَكَلَا مِنْهَا فَبَدَتْ لَهُمَا سَوْءَٰتُهُمَا وَطَفِقَا يَخْصِفَانِ عَلَيْهِمَا مِن وَرَقِ ٱلْجَنَّةِ وَعَصَىٰٓ ءَادَمُ رَبَّهُۥ فَغَوَىٰ ﴿١٢١﴾

**121. Адамицаги ХIавацаги Аллагьас жиндаса кванаге абураб гъветIалдаса кванана ва гьезда жидер гIавратал загьирлъана.** Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда тIад ретIун букIараб нуралъул ретIел тIасан ине гьабуна ва гьезда жидер чурхдул рихьана ва жидер ничал бакIал загьирлъун цоцадаса нечана.

**Цинги гьел жидер черхалда гъутIбузул тIамхал рекIине гьаризе лъугьана ва гьелдалъун гIаврат бахчизеги лъугьана. Адам авараг жиндир БетIергьанасул амруялда гIасилъана ва жив къосунги ккана.** Даимго жанир рукIунеб алжаналдаса къватIире рахъине ккана.

Ибну ХатIибица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас жиндир авараг Адамил хIакъалъулъ «Гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъана ва къосунги ккана»-абун бугониги нилъеца гьеб рагIи нилъерго рахъалъан абизе бегьуларо, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам цIалулеб мехалъ гьесул калам цIалун абун гурони. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рес букIуна жиндие рокьарал, ва жинца тIаса рищарал гIадамазда гIайиб чIвазеги, гьезда амру-нагью гьабизеги, гьеб рес нилъее букIунаро. Гьелъие мисал буго: Ханас жинда бищунго гIагарда ругел вазираздаги, гIакълу чагIаздаги гIайибги чIвала, гьезда ццим бахъунги кIалъала, амма цогидаб халкъалъул ихтияр букIунаро гьел ханасул вазиразда гIайиб чIвазеги гьезда данде калам гьабизеги. Нилъеца абизе бегьаларо: «Адам Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъана ва гьев гьесул амруялъеги мутIигIлъичIо»-абун. Гьаб рагIи буго купруялда иналда хIинкъараб рагIи.

ثُمَّ ٱجْتَبَٰهُ رَبُّهُۥ فَتَابَ عَلَيْهِ وَهَدَىٰ ﴿١٢٢﴾

**122. Хадувги БетIергьанас Адам عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жинда гIагар гьавуна, гьесул тавбоги къабул гьабуна. ХIакъаб нухалда тIовитIун, гьелда чIолевлъун гьавуна.**

Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тIагIат гIибадат гьабиялда тIад чIаравлъунги гьавуна.

Жинда Аллагь разилъаяв абу Гьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:
*«Муса авараг ва Адам авараг жидер БетIергьан Аллагьасда ﷻ цере ч1ун цоцазде къец гьабун гаргадана. Муса аварагас абуна: «Мун вуго Адам, Аллагьас ﷻ жиндирго квералъ вижарав, дур чорхолъ жиндир рухIги пурав, дуе сужда гьабизе киналго малаикзабиги тIамурав, жиндир алжаналда жанив мунги чIезе гьавурав. Цинги дуца дур зурият алжаналдаса къватIибе бахъине гьабун ракьалда рештIине гьабуна, дур хатIаъ сабаблъун»-абун. Адам аварагас абуна: Мун вуго Муса, Аллагьас ﷻ жиндир расуллъун гьавурав, дуда жинца каламги гьабурав, духъе Таврат тIад хъварал хъарщалги кьурав, мун Аллагьас ﷻ жинда гIагарги гьавурав. Дуда Таврат дун вижилелдего цебе хъван батанищ? Мусаца абуна: «Мун вижизе кIикъого соналъ цебехун хъван батана»-абун. Адамица абуна: Гьеб Тавраталда хъван батанищ дуда: «Адам БетIергьанасда гIасилъана ва къосана»-абураб рагIи? Мусаца абуна: «батана»-абун. Цинги Адамица абуна: «Дуца дида гIайиб кинха чIвалеб дун вижизе цебего Аллагьас ﷻ хIукму гьабураб гIамал дица гьабуна»-абун. Гьаб х1адисги бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: Муса аварагасдаса Адам авараг бергьана жиндир хIужа-далилалъулъ»-*абун. Х1адис ибну аби Х1атимица бицана.

**123. Аллагьас ﷻ абуна: «Гьанже нуж киналго гьаб алжаналдаса къватIире лъугьун ракьалда рештIа!»-абун. Нуж гьеб ракьалда тIад дунялалъул магIишат сабаблъун цоцаде тушманлъи гьабулел рукIизе руго.**

قَالَ ٱهۡبِطَا مِنۡهَا جَمِيعَۢاۖ بَعۡضُكُمۡ لِبَعۡضٍ عَدُوّٞۖ فَإِمَّا يَأۡتِيَنَّكُم مِّنِّي هُدٗى فَمَنِ ٱتَّبَعَ هُدَايَ فَلَا يَضِلُّ وَلَا يَشۡقَىٰ ١٢٣

Нужер тIабигIатал ва къасдалги батIа-батIаял рукIине руго. Нужер гIакъидаги цо букIине гьечIо. ГIалимзабаца цоги магIна гьабуна: «Иблисалъул наслоги Адамил наслоги цоцазе тушбаби рукIизе руго»-абун.

**Нужехъе дир аварагзабиги ва тIахьалги рачIараб мехалъ, нуж хIакъаб диналда тIоритIизе, гьеб дир т1орит1елалда чIун ва аварагзабазда нахъ рилълъун хьвадарал гIадамал дунялалда жал мекъи ккезе гьечIо ва ахираталдаги бахьи къосараздаса рукIизе гьечIо.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагь ﷻ гъоркье чIун вуго жидеца Къуръанги цIалун, гьелда гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал дунялалда къосизе теларин, ахираталда

бахьи бугелги гьарилин абун.

**124. Дир Къуръаналда ва цогидал тIахьазда гIамал гьабиялдаса жив вуссарав чиясе Х1акълъунго дунялалъул рокъоб цIакъ захIматаб яшав букIине буго,** гьев бечедав вугониги. Лъимал-хъизан г1емерав вугониги жиндие х1алхьи гьеч1еб, рек1елгъей гьеч1еб яшавалда вук1ине вуго.

وَمَنْ أَعْرَضَ عَن ذِكْرِي فَإِنَّ لَهُۥ مَعِيشَةً ضَنكًا وَنَحْشُرُهُۥ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ أَعْمَىٰ ﴿١٢٤﴾

ТIадегIанав Аллагьас иман лъеялда жаниб гьабун буго дагьаб бугониги дунялалъул боцIи гIуравлъун вукIин, жинда тIад щиб къварилъи бачIаниги гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан букIин лъан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъи. Жиндир ракI гIодоб биччан вукIин: жиндие хIукму гьабураб жо лъугьунеблъи лъан, жиндие хъвараб ризкъиги жиндаса борчIулареблъи лъан. Жиндие кьураб жоялда разилъиги букIуна имангун цадахъ, хадусеб ишалъулъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ таваккал тIамиги букIуна.

Гьев муъминчи кидаго вохарав ва разияв вукIуна, гьесул мугъч1вай Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ букIиналъ. Гьев бечедавги вукIуна жиндие бакъвараб чадил мочIо гурони щолеб гьечIониги. Гьесул ракI бахьи бугеб букIуна жинда тIад къварилъаби рачIараб мехалъги. Гьаб амру гьадин букIиналъе далил буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи: «Дица гьев муъминчиясул чIаголъи гьабила цIакъ берцинаб ва лъикIаб чIаголъилъун»-абураб.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесде инкар кквеялда цадахъ дунялалъул магIишаталда хьул халалъи, бахиллъи гьабун буго. жиндие кьуралда разилъунгутIи, гIемераб жо бокьи, кинабго пикру ва кIвар боцIи-малалда буссин гьабун буго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIел, гьесул нигIматазда щукру гьабуларел гIадамал кидаго гIемераб жо тIалаб гьабулел рукIуна ва гьезие гIоларо т1олго дунялалъул кинабго магIишат жидее кьуниги. Гьесул кверги щвакуларо садакъа кьезе, гьесда киналго гIадамалги тушбабилъун рихьула. Гьедин бугелъул гьев даимаб ургъел къварилъиялъулъ вукIуна ва гьезул яшавги цIакъ захIматаб букIуна. Гьесие хабал гIазабги цIакъ гучаб гьабула.

**Къиямасеб къоялъ дица гьев тIаде вахъине гьавула жив беццавлъун** гьесул щибго хIужа далил букIунаро жив хвасар гьавизе.

**125. Гьев капурчияс абула: «Я дир БетIергьан! Дуца дун беццавлъун щай тIаде вахъине гьавурав. Х1акълъунго дун дунялалда канлъи бихьулевлъун вукIана**

قَالَ رَبِّ لِمَ حَشَرْتَنِيٓ أَعْمَىٰ وَقَدْ كُنتُ بَصِيرًا ﴿١٢٥﴾

**гурищ?-абун.**

**126. Аллагьас ﷻ абула: дунялалда духъе дир аятал рачIун рукIана.** Духъе авараг витIана гьесда тIехьги рештIинабуна, гIемерал гIаламатал ва мугIжизаталги гьаруна, дун БетIергьан Аллагь вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел. **Гьеб кинабго жо дуда бихьичIо, дуца гьелда гIамал гьабичIо ва гьел кIочон тана. Жакъа мунги кIочон тезе вуго жужахIалда жанив абадияб гIазабалъулъ»-абун.**

قَالَ كَذَٰلِكَ أَتَتْكَ ءَايَٰتُنَا فَنَسِيتَهَا ۖ وَكَذَٰلِكَ ٱلْيَوْمَ تُنسَىٰ ﴿١٢٦﴾

**127. Гьадинаб жазаъ гьабула дица киналго капурзабазе ва мушриказе: дир аятазда иман лъечIел ва жидеца дунялалъул чIаголъи тIаса бищун ахират кIочон тун рукIарал. Гьеб ахираталъул гIазаб цIакъ захIматаб ва жиб тIаса унареб буго.**

وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى مَنْ أَسْرَفَ وَلَمْ يُؤْمِنۢ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ۚ وَلَعَذَابُ ٱلْـَٔاخِرَةِ أَشَدُّ وَأَبْقَىٰٓ ﴿١٢٧﴾

**128. Мун жидеца гьереси гьавулел Маккаялъул мушриказда лъала гурищ МухIаммад ﷺ, жидеда цере рукIарал къавмаз жидер аварагзаби гьереси гьарураб мехалъ гьел кин гьалаг гьарураблъи. Гьел мушрикал жидер сапаразулъ дол къавмаз нахъе тарал чIунтарал росабалъги щола.** ГIадилал, Самудиял рукIараб бакIалда щола ва гьезул нахъе хутIараб жоги бихьула. **Х1акълъунго гьел чIунтелазулъ Аллагьасул ﷻ гIаламатал руго иман лъезе бокьарал, жидер гIакъло бугел гIадамазе жидер БетIергьан Аллагь жиндир гуч бергьарав жив цогояв хан вукIиналда тIоритIел гьабулел.**

أَفَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ ٱلْقُرُونِ يَمْشُونَ فِى مَسَٰكِنِهِمْ ۗ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّأُو۟لِى ٱلنُّهَىٰ ﴿١٢٨﴾

**129. Аллагьасул ﷻ хIукму-къадар букIинчIебани гьел мушриказе гIазаб гьаби нахъ бахъун теялдалъун бугеб, ва гьеб гIазаб гьабизе Аллагьас ﷻ къадар гьабураб гIужги букIинчIеб ани, гьал мушриказда тIад гIазаб рештIине букIана ва гьезда гьеб даимлъизеги букIана.**

وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَكَانَ لِزَامًا وَأَجَلٌ مُّسَمًّى ﴿١٢٩﴾

**130. Дуца сабро гьабе МухIаммад ﷺ, гьез дуда бицунеб квешаб рагIиялда.** Мунги, Аллагьасул ﷻ каламги гьереси гьабиялда, Аллагьас ﷻ гьезие жазаъ гьабичIого толаро

فَٱصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوعِ ٱلشَّمْسِ وَقَبْلَ غُرُوبِهَا ۖ وَمِنْ ءَانَآئِ ٱلَّيْلِ فَسَبِّحْ وَأَطْرَافَ ٱلنَّهَارِ لَعَلَّكَ تَرْضَىٰ ﴿١٣٠﴾

жидер чIухIиялъе ва гIамал кIодолъиялъе.

**Дуца дур БетIергьан Аллагьасе тасбихI гьабе, гьев гIемер рехсе ва гьесие какалги рай бакъ баккилелде цебеги, бакъ тIерхьилелде цебеги, сардилъги рехсе дуца Аллагь, къоялъул щибаб гIужалъги рехсе. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **мун рази гьавизе вуго ва дуе квербакъиги букIине буго.** Гьел мушрикалги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIодорегIан гьаризе руго.

Тафсиралъул гIалимзабазул гIемерисез абуна гьаб аяталда жанир къойил балеб щуябго паризаяб какил гIужал рицун руго абун: бакъ баккизе цебе рогьалил как, бакъ тIерхьинелде цебе бакъанил как, сардилъ балеб богол как. Къоялъул рагIаллъабазулъ абураб рагIиялдаса къалъул ва маркIачIул как бай абураб маг1на босула: къалъул как балеб заман буго къоялъул авалаб бащалъи абураб г1уж. Марк1ач1ул как балеб заманги буго къоялъул кIиабилеб бащалъи араб гIуж.

وَلَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلَىٰ مَا مَتَّعْنَا بِهِۦٓ أَزْوَٰجًا مِّنْهُمْ زَهْرَةَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا لِنَفْتِنَهُمْ فِيهِ ۚ وَرِزْقُ رَبِّكَ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰ ﴿١٣١﴾

**131. Мун гIажаиблъун валагьуге МухIаммад** صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дица гьел капурзабазул батIи-битIиял къокъабазе кьун бугеб дунялалъул мугIишаталда:** гьезул чIухIарал минабазда, чIахIиял ахазда, пахруяб ретIелалда, бечедал нигIматазда.

**Гьеб буго дица гьел гуккизе кьураб дунялалъул берцинлъи.** Гьезул хIалбихьи гьабиги буго гьез нигIматазе щукру гьабуладай абун. Ва гьел нигIматал жидее кьурав БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин лъан, гьесие гIибадат гьабуладай абун. Жидеца иман лъечIеб мехалъ гьезие цIакъ гучаб гIазабги букIине буго гьел нигIматазда щукру гьабун гутIи сабаблъун, купру-ширкалда данде гьабулеб гIазабалда тIадги.

**Дур БетIергьанас дуе кьураб Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **лъай ва гьесие гIибадат гьаби, цIакъ лъикIаб ва жиб нахъе хутIулеб, ахираталда жиб батулеб ризкъи буго.** Гьаб хитIаб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьабун бугониги, гьаб буго гьесул умматалда бугеб хитIаб. Хирияв авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ цIакъ дунялалдаса вуссарав вукIана, гьелъул бечелъи ва берцинлъи бихьуларев вукIана ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ажру-кириялда хьул лъурав, гьелдалъун гIей гьабулев вукIана.

وَأْمُرْ أَهْلَكَ بِٱلصَّلَوٰةِ وَٱصْطَبِرْ عَلَيْهَا ۖ لَا نَسْـَٔلُكَ رِزْقًا ۖ نَّحْنُ نَرْزُقُكَ ۗ وَٱلْعَٰقِبَةُ لِلتَّقْوَىٰ ﴿١٣٢﴾

**132. Дуца дур агьлуялда амру гьабе МехIаммад** صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **как бай абун ва гьеб как баялда тIад чIун дуцаги сабро гьабе. Дица дуда амру гьабулеб гьечIо дуца ризкъи тIалаб гьабе абун.**

Ва гьеб тIалаб гьабиялъулъ яхI бахъе абунги. **Дун вуго дуе ризкъи**

**кьолев.** Ва дуца дида таваккал тIамураб мехалъ дуда тIад ризкъи бачIизе буго дуда ракIалдаго гьечIеб рахъалдаса. **Дунялалъул рукъор Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун хьвадарал гIадамазе лъикIаб ахират букIине буго.** Алжаналъул нигIматал рукIине руго.

Ибну аби Х1атимица жинда Аллагь разилъаяв Сабит асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда вакъи тIад бачIараб мехалъ гьес агьлуялда амру гьабулеб букIана нужеца как бай»*-абун. Цогидал аварагзабазулги гIадат букIана жидеда тIад цо къварилъи бачIараб мехалъ как баялда тIад чIей гьабулеб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицана: ТIадегIанав Аллагьас абула: *«Я Адамил лъимер! Мун дие гIибадат гьабизе лъугьа, дица дур керен бечелъиялъул ц1езабила ва дудаса пакъирлъиги инабила. Мун дие гIибадат гьабизе регIичIони дица дур керен ургъалил цIезабила ва дур пакъирлъиги тIаса инабиларо»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс ва ибну Мажатица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Зайд ибну Сабитидасан хIадис бицана: Дида раг1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абулеб: *«Дунял тIалаб гьаби жиндир мурадлъун бугев чиясул амру Аллагьас бикь-бикьизабула, гьесда берда цебе пакъирлъиги чIезабула. КигIан гьев вортанхъаниги Аллагьас ﷻ хъвараб жо гурони гьесиеги щоларо. Жиндир мурад ахират бугев чиясул Аллагьас ﷻ амру данде гьабула, гьесул рекIелъ бечелъиги гьабула, гьесухъе дунялалъул магIишатги бачIуна жиб мутIигIаблъун (жинца тIалаб гьабичIониги)»*-абун. Х1адис имам ибну Мажатица бицана.

**133. Маккаялъул мушрикаца абулеб буго: «Гьав МухIаммад ﷺ жив ритIухъав вукIиналда тIоритIел гьабулеб мугIжизат бачун вачIуневани жиндир БетIергьанасул рахъалъан»-абун. Гьезухъе бачIун буго гурищ киналниги цересел тIахьазда бугеб жо жинца бицунеб Къуръан.**

وَقَالُواْ لَوۡلَا يَأۡتِينَا بِـَٔايَةٖ مِّن رَّبِّهِۦٓۚ أَوَلَمۡ تَأۡتِهِم بَيِّنَةُ مَا فِي ٱلصُّحُفِ ٱلۡأُولَىٰ ١٣٣

Мушриказе бокьун букIана гьез абураб мугIжизат гьаби: Маккаялъул мугIрул щущазарун гьениб ах-хур бижулеб майдан гьаби, Сафа мегIер меседил гьаби, аварагасе хасаб хазина рештIи, ва цогидалги гьезул напсазе бокьарал, гьезул гIамалкIодолъиялъ ва хIалхъублъиялъ ургъарал. ЩайтIаналъ жидеда берцин бихьизарурал мугIжизатал рачун вачIа мунан абулеб букIана гьез. ТIадегIанав Аллагьас гьезда абулеб буго: «Жиб рештIине букIиналъул рохел цересел тIахьазда бицараб, гьел тIахьазулги, цересел умматазулги, аварагзабазулги хабар жинца бицунеб, жинда къец гьабун чи бергьунареб, къиямасеб

къо бачIинегIан жиб нахъе хутIулеб Къуръан кьун буго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе мугIжизатлъун. Жидер гIакъло бугел чагIазе гьеб гIезе буго МухIаммад ﷺ ритIухъав вукIиналъе далилллъун»-абун.

وَلَوۡ أَنَّآ أَهۡلَكۡنَٰهُم بِعَذَابٖ مِّن قَبۡلِهِۦ لَقَالُواْ
رَبَّنَا لَوۡلَآ أَرۡسَلۡتَ إِلَيۡنَا رَسُولٗا فَنَتَّبِعَ
ءَايَٰتِكَ مِن قَبۡلِ أَن نَّذِلَّ وَنَخۡزَىٰ ١٣٤

**134. Дица гьел мушрикал дир гIазаб тIад биччан, гьалаг гьарун рукIаралани гьезухъе МухIаммад ﷺ аварагги Къуръанги битIилелде цере, гьез абизе букIана: «Я нижер БетIергьан! Дуца нижехъе авараг витIун вукIаравани: ниж гьесда нахърилълъине ва дур аятазда иман лъезе, гьаб гIазабги гIодогIанлъиги нижеда щвелелда цебе»-абун.**

Гьадинаб гIузру бачун гIазабалдаса хвасарлъи тIалаб гьабичIого букIине гIоло ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго щибаб умматалда авараг витIун гьел битIараб диналда ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIулеб. Гьелдаса худаб гьезие гIузру букIуларо ва гьеб гIузру къабулги гьабуларо.

قُلۡ كُلّٞ مُّتَرَبِّصٞ فَتَرَبَّصُواْۖ فَسَتَعۡلَمُونَ مَنۡ
أَصۡحَٰبُ ٱلصِّرَٰطِ ٱلسَّوِيِّ وَمَنِ ٱهۡتَدَىٰ ١٣٥

**135. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нужги нижги балагьун чIун руго ахиралда щибдай ккелеб ва квербакъиги лъие букIилеб»-абун. Нуж балагьун чIаха нужер ахир киндай ккола абун!** Гьаб рагIи буго мушриказе хIинкъи кьун абулеб рагIи. **Дагьаб хадуб лъазе буго нужеда, хIакъаб, битIараб нухалда щал ругел, ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан тIоритIел лъие бугебги.**

Гьединго лъазе буго жидер нух къосарал, жал батIулаб диналда ругел щал ругебги.

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиналдалъун сурату ТIагьаялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 21. Суратул Анбияъ

سُورَةُ الأَنبِيَاءِ

*Сурату Ибрагьималдаса хадуб Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила кIиго аят бугеб.*

*Маккаялда рештIинабураб бугелъул гьаб сураталъул аслияб мурад буго инсанасул гIакъида баян гьаби: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави, расулал ритIухъ гьари къиямасеб къо букIинги, гьениб хIисаб- мизан ва жазаъ букIинги ритIухъ гьаби.*

*Сурат бай бихьулеб буго инсан гъапул вукIин бициналдалъун жинда тIаде бачIине бугеб ахиркъоялдаса ва гьениб букIинесеб хIисаб-мизанги гIакъуба- гIазабалдасаги. Хадуб жидеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул динги, ахиратги гьереси гьабулел купру-ширкалъулъ гIорхъолъан рорчIарал гIадамазул бицен гьабулеб буго. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда, гьесул къудраталда тIоритIел гьабулел гIаламаталги рицунел руго; зобал ракьазда жанир ругел, инсанасул черхалъулъ ругелги.*

*Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабулел гIадамаз гьесул расулазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьабулеб къварилъи бицун буго, дунялалдагоги хадуб ахираталдаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гьабулеб гучаб гIазабги бицун буго. Хадуб сураталда жанир аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисаби рицун руго: Ибрагьим аварагасулги عَلَيْهِ السَّلَامُ, гьесул къавмалъулги къиса бицун буго гIатIид гьабун, гьелдаса вагIза ва гIибрат щолеб хIалалъ. Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ хIужжа далил ва баянаб калам загьир гьабун буго. Хадуб ИсхIакъ, ЯгIкъуб, ЛутI, НухI, Давуд, Сулайман, Аюб, ИсмагIил, Идрис, Зулкифли, Зун-нуни, Закария, ГIиса аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къокъалго къисаби рицун руго, г1адамаз гьездаса г1ибрат босине ва пикру гьабизе.*

*Ахиралда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул рисалат кинабго гIаламалъе рахIмат букIин ва ахираб рисалат букIинги бицун буго. Сураталда цIар лъун буго «аварагзабазул сурат»-абун: гьелда жаниб чанго аварагасул бецен гьабун бугелъул, гьезул дагIваталъул, гьезда бихьараб къварилъиялъул ва гьез гьабураб сабруялъулги бицун бугелъул.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ٱقۡتَرَبَ لِلنَّاسِ حِسَابُهُمۡ وَهُمۡ فِي غَفۡلَةٖ مُّعۡرِضُونَ ١

1. **ГIадамаз гьарурал гIамалазул хIисаб гьабулеб заман гIагарлъун буго. Амма гьел жидерго гьава напсалда мутIигIлъун ва шагьватазда нахърилълъун рукIун, къиямасеб къоялъул амруялдаса гъапуллъун руго.**

Гьез ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабулеб гьечIо, гьеб къоялда данде чIвазе щибго хIадурлъиги гьабулеб гьечIо. Гьаб аяталда жаниб къиямасеб къо гIагарлъун бугин абиялъе сабаб буго жиб бук1ин ва бачIин хIакъаб жо гIагарда бугелда релълъун букIин.

مَا يَأۡتِيهِم مِّن ذِكۡرٖ مِّن رَّبِّهِم مُّحۡدَثٍ إِلَّا ٱسۡتَمَعُوهُ وَهُمۡ يَلۡعَبُونَ ٢

2. **Гьел мушриказухъе бачIунеб гьечIо гьезие вагIза гьабулеб ва хIинкъи кьолеб Къуръаналъул цIияб аят ва хабар,-гьеб Къуръан махсароде гьабизелъун жал гIенеккун рукIун гурони.**

Гьелда иман лъечIого, гьеб гьереси гьабун. Жидехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал рачIун щинахъе гьезул жагьиллъиги ахIмакълъиги цIик1кIунеб буго.

لَاهِيَةٗ قُلُوبُهُمۡۗ وَأَسَرُّواْ ٱلنَّجۡوَى ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ هَلۡ هَٰذَآ إِلَّا بَشَرٞ مِّثۡلُكُمۡۖ أَفَتَأۡتُونَ ٱلسِّحۡرَ وَأَنتُمۡ تُبۡصِرُونَ ٣

3. **Гьезул ракIал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалдаса гъапул руго,** гьелъул пикру гьабуларел, гьелъул нур жидеда жаниб лъугьуларел руго. **Гьел мушрикал жидедаго гьоркьоб шурун хабар бицулел руго: «Гьев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьечIогурищ нилъедаго релъарав чи гурони, гьесда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вахIю кин гьабулеб?** Гьев тIагIамги кваналев, къватIахъги сверулев чи вуго. **Нужеца гьес гьабураб сихIро ва гьес бицараб хабар къабулищ гьабулеб, нужеда гьеб сихIро букIин лъалаги букIадго»-абун.**

Гьез абулеб букIана Аллагьас расуллъун витIулев чи малаик вукIизе кколин, гьав Мух1аммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ нилъеда лъалев, нилъеда гьоркьоса чи вугин абун. Гьеб абиялъе сабабги букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда иман лъеялдаса гIадамал нахъчIвай.

قَالَ رَبِّي يَعۡلَمُ ٱلۡقَوۡلَ فِي ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ٤

4. **Аллагьасул расулас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абуна: дир БетIергьан Аллагьасда лъала зобал ракьазда жаниб бицунеб хабар.**

Гьесда щибго жо бальго хутIуларо. Нужер бальгояб шур-шудиги лъала Аллагьасда ﷻ. **Гьев БетIергьан Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо лъалев.**

**5. Жегиги мушрикаца Къуръаналъул хIакъалъулъ абуна: «Гьеб МухIаммадида ﷺ макьилъ бихьараб жо бугин, гьеб МухIаммадица ﷺ жинцаго ургъун бицунеб жо бугинги, гьев шигIру гьабулев чи вугоянги абуна.**

بَلْ قَالُوٓا۟ أَضْغَٰثُ أَحْلَٰمٍۭ بَلِ ٱفْتَرَىٰهُ بَلْ هُوَ شَاعِرٌ فَلْيَأْتِنَا بِـَٔايَةٍ كَمَآ أُرْسِلَ ٱلْأَوَّلُونَ ﴿٥﴾

Гьаб чанго батIияб рагIи мушриказ абиялъ бихьизабулеб буго гьел цо жоялда чIун гьечIеблъи, гьезул гIакъло хисардулеб букIин ва гьез бицунеб жо гьереси букIин. Мушриказ гьелдаги тIад абулеб буго: **Гьев МухIаммад ﷺ нижехье вачIаха цересел аварагзабигIадин жив ритIухъав вукIиналда тIоритIел гьабулеб мугIжизатги бачун абун.**

**6. Гьезда цере рукIарал умматазул цониги росдал агьлуялъ ва цохIо къавмалъ иман лъечIо** жидехъе рачIарал аварагзабаздаги عليهم السلام гьезие бугеб мугIжизаталдаги. **Гьез гьел гьереси гьаруна ва дица гьел къавмалги гьалаг гьаруна. Гьал Маккаялъул мушриказ иманищха лъезе бугеб дуда, я МухIаммад ﷺ, дуца гьезие мугIжизат бихьизабунин абун.** Лъезе гьечIо гьез иман.

مَآ ءَامَنَتْ قَبْلَهُم مِّن قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَٰهَآ ۖ أَفَهُمْ يُؤْمِنُونَ ﴿٦﴾

Иман лъолеб букIарабани гьезие Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ритIухъав, гьереси бицуларев, хиянат гьабуларев чи вукIин лъалеблъи гIезе букIана, ва гьес жидее цIалулеб Къуръанги гIезе букIана мугIжизатлъун. Гьез тIалаб гьабураб мугIжизат кьун хадуб гьез иман лъечIеб мехалъ жал гьалаг гьаризе рукIана, гьезул рижиги бакъвазе букIана. Маккаялъул мушрикал нахъе хутIизаризе Аллагьасул ﷻ хIукму букIиналъ кьечIо гьез тIалаб гьабураб мугIжизат. Гьезда гьоркьоса тавбо гьабун, аварагасда ﷺ нахърилълъун исламалъе квер бакъи гьабурал бахIарзал гIемер рахъана.

**7. Дудаса цереги дица аварагзабилъун гIадамаздаса бихьинал ритIана ва гьезда дица шаригIатги вахIю гьабуна.** Цониги къавмалда дица малаикзаби ритIич1о расулаллъун. **Нужеда гьаб амру гьадин букIин лъалеб батичIони нужеца гьикъе жидеца Инжил ва Таврат цIалулел гIадамазда.** Гьез бицина нужеда цересел къавмаздаги

وَمَآ أَرْسَلْنَا قَبْلَكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِىٓ إِلَيْهِمْ ۖ فَسْـَٔلُوٓا۟ أَهْلَ ٱلذِّكْرِ إِن كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٧﴾

аварагзабилъун жидедаго гьоркьоса гIадамал ритIун рукIанин абун.

وَمَا جَعَلْنَٰهُمْ جَسَدًا لَّا يَأْكُلُونَ ٱلطَّعَامَ وَمَا كَانُوا۟ خَٰلِدِينَ ﴿٨﴾

**8. Гьел аварагзаби дица гьаричIо жидеца тIагIам кваналарел чурхдуллъун, ва гьел хвечIого чIаго хутIулеллъунги гьаричIо.**

Гьел рукIана нужеда релъарал гIадамал: жидеца квенги кваналел, лъимги гьекъолел, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее бихьизабураб гIумру лъугьараб мехалъ жалги холел.

ثُمَّ صَدَقْنَٰهُمُ ٱلْوَعْدَ فَأَنجَيْنَٰهُمْ وَمَن نَّشَآءُ وَأَهْلَكْنَا ٱلْمُسْرِفِينَ ﴿٩﴾

**9. Цинги Дица гьезие гьабураб къотIиги тIубазе гьабуна:** аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ квербакъи гьаби ва гьезул тушбаби гьалаг гьари. **Дица гьел аварагзабиги** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ**, гьезда иман лъурал гIадамалги гIазабалдаса хвасар гьаруна. Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал, аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **гьереси гьарурал ва зулму-пасалъи гьабураб къавм гьалаг гьабуна.**

Гьаб жо гьабизе хIал кIола Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гьал Маккаялъул мушриказеги.

لَقَدْ أَنزَلْنَآ إِلَيْكُمْ كِتَٰبًا فِيهِ ذِكْرُكُمْ ۖ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿١٠﴾

**10. Х1акълъунго дица нужеда Къуръан рештIинабуна я гьал гIарабиял, нужер мацIалда жиб бугеб ва жинда жаниб нужер бицен бугеб.**

Гьелда релълъараб цоги т1ехьги гьеч1еб. **Гьаб иш кин нужеда бич1чIулареб ва нужеца иман кин лъолареб?.**

وَكَمْ قَصَمْنَا مِن قَرْيَةٍ كَانَتْ ظَالِمَةً وَأَنشَأْنَا بَعْدَهَا قَوْمًا ءَاخَرِينَ ﴿١١﴾

**11. Дица гIемер гьалаг гьаруна росабиги шагьаралги жидер агьлуялъ зулму гьабураб мехалъ:**

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккун аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарун хьвадараб мехалъ. **Гьезул бакIалда дица цоги къавмалги рижизаруна.**

فَلَمَّآ أَحَسُّوا۟ بَأْسَنَآ إِذَا هُم مِّنْهَا يَرْكُضُونَ ﴿١٢﴾

**12. Жидеда дир гIазаб рештIиялъул гIаламатал загьирлъараб мехалъ гьел цIакъ хехаб хIалалъ гьеб гIазабалдаса лъутулел руго.**

لَا تَرْكُضُوا۟ وَٱرْجِعُوٓا۟ إِلَىٰ مَآ أُتْرِفْتُمْ فِيهِ وَمَسَٰكِنِكُمْ لَعَلَّكُمْ تُسْـَٔلُونَ ﴿١٣﴾

13. Гьел махсароде гьарун малаикзабаца абула: **Нуж лъутуге! Нуж нахъе руссун рачIа нужерго нигIматазда ва минабазда. Нужеца лазат-рахIат босулеб бук1араб жоги тун кире нуж тIурун унел! Нужеда кIал гьикъи гьабизе бегьула**

**нужеца гьабураб гIамалалъул!»-абун.**

**14. Лъутун ва тIурун унаго гьез абула: «Вай нижее бугеб къварилъи! Х1акълъунго ниж нижерго напсазе зулму гьабулеллъун рукIана ширк гьабун, Аллагь ﷻ авараг ﷺ гьереси гьавун»-абун.** قَالُواْ يَٰوَيۡلَنَآ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ١٤

Гьел мукIурлъула жидер купруялъе ва зулмуялъе, гьеб мукIурлъиялъ жидее щибго мунпагIат гьабулареб гIужалъ.

**15. Гьедин ахIулел ва зигардулел рукIуна гьел инкарчагIи дица гьалаг гьарун лъилъараб хур гIадин чIван гIодоре разегIан.** فَمَا زَالَت تِّلۡكَ دَعۡوَىٰهُمۡ حَتَّىٰ جَعَلۡنَٰهُمۡ حَصِيدًا خَٰمِدِينَ ١٥

**16. Дица зобал ракьалги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб махлукъги бижичIо дун гIададесеб жо гьабулевлъун вукIун.** وَمَا خَلَقۡنَا ٱلسَّمَآءَ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَا لَٰعِبِينَ ١٦

Дица гьеб бижана дир хIалкIолъиялда ва къудраталда тIоритIел гьабулеблъун. Гьел зобал-ракьал рижун ратараб мехалъ гьел рижарав Халикъ вукIин гIадамазда лъазе ва гьелъул пикру гьабун, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан цох1о Аллагь ﷻ вукIинги гьезда лъазе.

**17. Дие бокьун букIарабани ва дир хIажалъиги букIарабани дие рекIел гьеялъе лъимал-хъизан гьабизе, гьеб рекIел гьей гьабулеб жо дица дида аскIор ругел малаикзаби яги хIурулгIинал гьарилаан.** لَوۡ أَرَدۡنَآ أَن نَّتَّخِذَ لَهۡوٗا لَّٱتَّخَذۡنَٰهُ مِن لَّدُنَّآ إِن كُنَّا فَٰعِلِينَ ١٧

Дун гьелда хIажатав гьечIо ва дир лъимал хъизан ва цогидаб щибго жо гьечIо. Гьаб аят рештIинабуна мушриказ абураб мехалъ «Аллагьасул вас вуго, малаикзаби гьесул ясал руго»-абун. Гьезул рагIи гьереси гьабуна Аллагьас ﷻ гьаб аяталдалъун.

**18. Дица батIулаб диналда тIад хIакъаб дин рештIинабуна** гьеб дин хвезабизе. **Х1акъаб диналъ батIулаб жо гьалаг гьабула ва гьеб тIагIун уна. Нужее цIакъ квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIине буго,** я гьал мушрикал ва капурал гIадамал, **нужеца Аллагьасе ﷻ гьарулел батIулал сипатал сабаблъун.** بَلۡ نَقۡذِفُ بِٱلۡحَقِّ عَلَى ٱلۡبَٰطِلِ فَيَدۡمَغُهُۥ فَإِذَا هُوَ زَاهِقٞۚ وَلَكُمُ ٱلۡوَيۡلُ مِمَّا تَصِفُونَ ١٨

Гьесул вас вуго, чIужу-хъизан буго абураб гьересияб рагIи сабаблъун.

**19. Гьев Аллагьасул ﷻ мулк буго ва гьесул лагъзал руго зобал- ракьалда жанир ругел киналго махлукъатал.** وَلَهُۥ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ وَمَنۡ عِندَهُۥ لَا يَسۡتَكۡبِرُونَ عَنۡ عِبَادَتِهِۦ وَلَا يَسۡتَحۡسِرُونَ ١٩

Гьедин бугелъул жиндирго лагъ Аллагьасе ﷻ васлъун яги гІахьалчилъун вукІине бегьуларо. **Гьев Аллагьасда ﷻ гІагарда ругел малаикзаби чІухІуларо Аллагьасе ﷻ тасбихІ гьабизе ва гІибадат гьабизе. Гьеб гІибадат гьабун гьел гІорцІуларо ва жидее гьеб чІалгІунаро.**

**20. Гьез тасбихІ гьабула релъедалги къадги ва гьеб г1ибадат гьабун гьел свакаларо ва тасбихІ- гІибадат гьабизе загІиплъуларо.** يُسَبِّحُونَ ٱلَّيۡلَ وَٱلنَّهَارَ لَا يَفۡتُرُونَ ٢٠

Жинда Аллагь разилъаяв КагІбул АхІбаридаса бицана: Гьесда гьикъана гьаб аяталъул хІакъалъулъ: «Гьез релъедалги къадги тасбихІ гьабула ва гьел свакаларо»-абураб. Гьезул цоги ишго букІунарищ?. Гьел щибго жоялда хІажалъуларищ?»-абун. КагІбуца абуна: Я дир вацасул вас! Малаикзабазе тасбихІ гьабун буго нужее хІухьел цІай гьабураб гІадин. Мун вуго гурищ квен кваналев, лъим гьекъолев, кІалъалев, эхеде вахъулев, гІодов чІолев ва гьеб кинабго мехалъ дуца хІухьел цІала ва дуе щибго квалкал букІуларо. Гьеб хІалалъ буго малаикзабазе тасбихІги»-абун.

**21. Гьал мушриказ ракьалда тІад алагьзабиййищ гьарун ругел, гьезда хварал чагІи чІаго гьаризе кІолел?** أَمِ ٱتَّخَذُوٓاْ ءَالِهَةٗ مِّنَ ٱلۡأَرۡضِ هُمۡ يُنشِرُونَ ٢١

ГьечІо гьезие алагьзаби жидецаго гьарурал хъанчал гурони ва гьезда щибго жо гьабизе кІоларо.

**22. Гьал зобал ракьазул ханлъиялда цохІо Аллагь ﷻ гурев цогиги алагьзаби рукІаралани, гьезул гІадло- низам биххизе букІана.** لَوۡ كَانَ فِيهِمَآ ءَالِهَةٌ إِلَّا ٱللَّهُ لَفَسَدَتَاۚ فَسُبۡحَٰنَ ٱللَّهِ رَبِّ ٱلۡعَرۡشِ عَمَّا يَصِفُونَ ٢٢

Гьел алагьзаби цо-цазде къацандичІого рес букІунаро ва гьел къецандараб мехалъ гІадло хвей ва пасалъи тІаде бачІуна.

Нилъеда лъалеб жо буго цо шагьаралъул яги цо улкаялъул кІиго хан вукІунаро: нагагь кІигояв ханлъи гьабизе лъугьани гьезда гьоркьоб рагъ лъугьун, гьезул цояв къола цояв бергьуна, цинги жив бергьарав ханлъун вукІуна. Алагьзаби цоял цояздаса къолел кин рукІунел? Гьаб иш гьадин бугелъул нужеда лъай: **Г1арщалъул БетІергьанлъун жив вугев,** цогидаб кинабго махлукъаталъулги БетІергьанлъун вугев **Аллагь вацІц1адав ва ТІадегІанав вуго жагьилаб агьлоялъ ва мушриказ гьесие гьарулел, гьесул къадроялда рекъоларел сипатаздаса.**

**23. Гьев Аллагьасда ﷻ гьикъуларо гьес гьабулеб жоялдаса.** لَا يُسۡـَٔلُ عَمَّا يَفۡعَلُ وَهُمۡ يُسۡـَٔلُونَ ٢٣

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьикъизе гьесда ващадав яги гьесдаса тIадегIанав чи гьечIо. **ГIадамал жидер гIамалаздаса гьикъизе бугел ва гьезул хIисаб-мизан гьабизе бугел руго.**

أَمِ ٱتَّخَذُواْ مِن دُونِهِۦٓ ءَالِهَةًۖ قُلۡ هَاتُواْ بُرۡهَٰنَكُمۡۖ هَٰذَا ذِكۡرُ مَن مَّعِيَ وَذِكۡرُ مَن قَبۡلِيۚ بَلۡ أَكۡثَرُهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ٱلۡحَقَّۖ فَهُم مُّعۡرِضُونَ ٢٤

**24. Жидеца гьев Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун цоги алагьзабийщ кколел гьезие гIибадат гьабизе ва гьел кIодо гьаризе? Дуца гьезда абе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: рачIаха нужерго хIужа-далил бачун гьеб нужеца гьабулеб ширк битIараб букIиналъе.** РачIунаро гьел хIужжа бачун ва гьез гьабулеб ширкги батIулаб жо буго. **Гьаб дида рештIинабураб Къуръаналда жаниб ва гьелда цебехун рештIинабураб Тавраталдаги Инжилалдаги гьечIо Аллагьасдехун جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабизе бегьиялъе хIукму.** Нужеца кисаха гьеб х1укму босулеб? **Гьел мушриказул гIемерисел жагьилал ва ахIмакъал гIадамал руго.** Жидеца гьабулеб жо хIакъабищ бугеб, батIулабищ бугеб гьезда лъаларо, **гьел х1акъаб диналдаса руссун ч1ун руго. ХIакъаб жо лъазе гIоло пикру гьабулел, гьелъие далил цIехолелги гьечIо.**

وَمَآ أَرۡسَلۡنَا مِن قَبۡلِكَ مِن رَّسُولٍ إِلَّا نُوحِيٓ إِلَيۡهِ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنَا۠ فَٱعۡبُدُونِ ٢٥

**25. Дица дудаса цевеги цониги расул витIичIо МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьезда вахIю гьабун гурони, Х1акълъунго дун гурев цоги Аллагь гьечIо абун** жиндие лагълъи гьабизе бегьулев ва жинца кинабго махлукъ бижун гьелъул тадбир гьабулев. **Нужеца гIибадат цохIого дие гьабе!** Нужеца жиндие гIибадат гьабун дидахун щибго жо гIахьал гьабуге.

وَقَالُواْ ٱتَّخَذَ ٱلرَّحۡمَٰنُ وَلَدٗاۗ سُبۡحَٰنَهُۥۚ بَلۡ عِبَادٞ مُّكۡرَمُونَ ٢٦

**26. Мушриказ абуна: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие лъимал ккун руго»-абун.** Малаикзабаздаса цо къокъа лъималлъун ккун руго абун. **Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вацIц1адав вуго, гьез жинда гIунтIизабулеб сипаталдаса. Гьез абухъ гьеч1о гьеб амро, гьел малаикзабиги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хира гьарурал гьесул лагъзал руго.**

لَا يَسۡبِقُونَهُۥ بِٱلۡقَوۡلِ وَهُم بِأَمۡرِهِۦ يَعۡمَلُونَ ٢٧

**27. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амру гьабун гурони гьез рагIиги абуларо, гьес амру гьабураб жо гуреб гьез гьабуларо.** Жидер мутIигIлъи камилал лагъзал руго гьел малаикзаби.

يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡ وَلَا

**28. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ кинабго махлукъаталъул**

يَشْفَعُونَ إِلَّا لِمَنِ ٱرْتَضَىٰ وَهُم مِّنْ خَشْيَتِهِۦ مُشْفِقُونَ ﴿٢٨﴾

**хIал жинда лъалев вуго: цебехун араб жо лъалев вуго, хадуб букIинесебги лъалев вуго. Къиямасеб къоялъ шапагIат гьабизеги кIоларо Аллагь ﷻ жиндаса разияв чиясе гурони. Кинабго халкъги гьеб къоялъ Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун сородулел рукIуна.** Жидеда гьеб къоялъ лъала Аллагьасул ﷻ гучги къудратги.

﴿ وَمَن يَقُلْ مِنْهُمْ إِنِّىٓ إِلَٰهٌ مِّن دُونِهِۦ فَذَٰلِكَ نَجْزِيهِ جَهَنَّمَ ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٢٩﴾

**29. Гьел малаикзабазул цонигияс абун букIарабани дун алагь вугин, дие Аллагьасе гIадин лагълъи гьабулев абун, гьесиеги жужахIалъул гIазаб букIинаан. Гьединаб жазаъ гьабула дица жинца зулму гьабурав ва шаргIалъул гIорхъаби хвезарурав чиясе.**

أَوَلَمْ يَرَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَنَّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ كَانَتَا رَتْقًا فَفَتَقْنَٰهُمَا ۖ وَجَعَلْنَا مِنَ ٱلْمَآءِ كُلَّ شَىْءٍ حَىٍّ ۖ أَفَلَا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٠﴾

**30. Гьал Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гIадамазда лъаларищ гьал зобалги ракьалги цоцазде хурхарал, цогояб жо букIараблъи. Цинги дица гьел цоцаздаса ратIа гьаруна.**

Зобал тIаде рорхун, ракьги бугеб бакIалда тана ва гьезда гьоркьоб бакI гьаваялъул цIезабуна. Гьаб рагIи буго Къатадатица ва Х1асанул Басрияс абураб.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Зобал рукIана жал руччарал, рацарал ва жидеца цIад балерел. Ракьги букIана жинда тIад щибго жо бижулареб. Аллагьас ﷻ зобал цIад балел гьаруна ва ракь жинда тIад хур-хер бижулеб гьабуна»-абун.

**Гьединго дица лъимги гьабуна кинабго жо чIаголъиялъе сабаблъун.** Гьеб лъим гьечIого рухI бугеб жо чIаго хутIуларо ва ракьалда т1ад жоги бижуларо. **Гьал гIаламатал лъараб мехалъги жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъоларищ ва гьесул къудрат ритIухъ гьабизе ккеларищ?.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIумарихъе цо гIолохъанчи вачIана жинца гьаб аяталдаса гьикъун: «Зобал ракьал жал руччарал, рацарал рукIана, цинги дица гьел рагьизаруна»-абураб. Гьеб кин букIараб ва гьелъул магIна щиб абун. ИбнугIумарица абуна: «Дуца гьеб масъала гьикъе жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасида رضي الله عنه ва гьесул жавабги босун дихъеги вачIаян»-абун. ГIолохъанчи ИбнугIаббасихъе رضي الله عنه ун гьесда гьаб масъала гьикъидалго, гьес абуна: «Зобал рукIана жал руччарал, жидеца цIад баларел. Ракьалги рукIана жал руччарал жидеда тIад хер бижуларел. Цинги БетIергьан Аллагьас ﷻ халкъ

бижана; гIадамал, хIайванал, хIанчIи ва цогидабги. Гьеб халкъ бижун хадуб гьелъие маслахIаталъе Аллагьас ﷻ зобал цIад балел гьаруна, ракьал тIад хер бижулелги гьаруна»-абун.

Гьаб жавабги босун гIолохъанчи ИбнугIумарихъе вачIидал, жинда гьеб жавабги бициндал, гьес абуна: «Дун разилъуларого вукIунаан ИбнугIаббасица Къуръаналъе тафсир гIемер гьабулеб бугин, гьев тафсир гьабизе хIинкъулев гьечIин абун. Гьанже дида бичIана Аллагьас ﷻ Ибнуг1аббасие رضي الله عنه Къуръаналъул бичIч1и ва гIелму кьун букIин»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасида гьикъидалго сордойищ цебе букIараб, къойищ цебе букIараб абун, гьес абуна: «Зобги ракьги цого жо бугеб мехалъ гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб жо бецIлъи букIана»-абун: ай сордо цебе букIана абураб магIна буго гьаб рагIиялъул.

**31. Дица ракьалда тIад мугIрулги гьаруна, гьеб ракь гIадамаз тIад гIумру гьабизе бегьулеб, цо бакIалда чIараб букIизе. Гьел мугIрузда гьоркьор гIатIидал нухалги гьаруна, гIадамал сапаралда ине ва гьез магIишат тIалаб гьабизе.**

وَجَعَلْنَا فِي ٱلْأَرْضِ رَوَٰسِىَ أَن تَمِيدَ بِهِمْ وَجَعَلْنَا فِيهَا فِجَاجًا سُبُلًا لَّعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ﴿٣١﴾

**32. Дица зобалги гьаруна ракьазда тIад тIох гIадин тIаде рорхарал ва жал цIунарал,** гIодоре ртиялдаса цIунарал, щайтIаби зодор рахиялдасаги цIунарал. **Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, гьесул къудраталда божуларел гIадамал гьелъул аятаздаса** (жидеца Аллагь ﷻ цо вук1иналда т1орит1ел гьабулел) **руссун руго.**

وَجَعَلْنَا ٱلسَّمَآءَ سَقْفًا مَّحْفُوظًا وَهُمْ عَنْ ءَايَٰتِهَا مُعْرِضُونَ ﴿٣٢﴾

Гьаб махлукъаталъул гIажаибал жал рихьулелани ва гьезул пикру гьабулебани, цониги капурчи вукIинароан ракьалда тIад. ГьитIинаб бугониги кIудияб бугониги Аллагьас ﷻ бижараб щибаб жоялъулъ гIаламат буго гьеб бижарав Халикъ вукIиналда жинца тIоритIел гьабулеб. Гьал аятазда рицулел руго цIакъго загьирал ва кIудиял махлукъатал: зобал, ракьал, бакъ, моцI, мугIрул, сордо-къо. Гьел мухлукъатазул цоцалъ рекъейги, гьезул даимаб хьвадиги ва гьеб низамалъул камилаб гIуцIиги жинца тIоритIел гьабулеб буго гьеб махлукъ бижарав Халикъ жиндир Къудрат бергьарав, пиша хIакимияв, жиндир амруялъе щибго жоялъ квалквал гьабуларев вукIиналда.

Гьадинав БетIергьан Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе тIадаб букIинги, гьесие шарик гьечIеблъиги, гьесул гIазаб ва ццим бахъи гучаб букIинги гIакъилав чиясда бич1чIизе ккола. Гьаб кинабго жоялъул пикру

гьабичIого чIун, жидеца напсазе зулму гьабурал гIадамазул, гIузру къабул гьабуларо ахираталда щун Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ цере чIезарураб къоялъ.

وَهُوَ ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلَّيۡلَ وَٱلنَّهَارَ وَٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَۖ كُلّٞ فِي فَلَكٖ يَسۡبَحُونَ ٣٣

**33. Гьев БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго** жив цогояв ва жиндие г1ибадат гьабизе хIакъав **жинца сордо-къо бижарав, бакъ-моцIги бижарав. Гьеб щибаб цоябги жидер зобалда жаниб, жиндир нухалда хьвадулеб буго.**

Нилъер бералъе бихьулеб хIалалъ бакъги моцIги, цогидал цIвабиги жал хьвадулел, раккулел ва тIерхьулел руго. Х1акъикъаталдайин абуни нилъ тIад ругеб ракь бакъалда сверун свери бахъулеб буго ва жибго жиндир х1осалда сверун свери бахъулебги буго. Гьеб кIиябго свериялъул хIасил буго нилъее сордо-къо букIинги, бакъ, моцI ва цIваби жал раккулеллъун ва тIерхьулеллъун рукIинги.

МоцI буго гьаб ракьалда сверун сверулеб цIва. Гьеб моцIги сверун сверула букIадго ракьалъ цо соналда жаниб цо свери бахъула бакъалда сверун. Гьеб свери бахъизе гIоло ракьалъул хьвадиялъул (боржиялъул) хехлъи бахула цо секундалда жаниб 29.78 км. гьаб хIалалъ хьвадулеблъун бугеб ракь нилъеда щибго жо лъачIого, цохIо бакIалда чIун бугеб гIадин букIуна.

Гьел зобал ракьазул гIелму гьаб ахираб заманаялъ гIезегIанго лъазе гьабун буго инсанас. Гьединаб бугониги гьеб гIелмуялъул гIалимзаби мукIурлъулел руго гьаб гIалам (вселенное) жиндир гIорхъабазе гIорхъи лъалареб букIиналда ва гьел мукIурлъулел руго гьаб камилаб хIалалъ гьадинаб кIудияб гIалам жибго жинцаго хьвадизабулеб бугин абураб рагIи ва гьаб махлукъ жибго бижараб бугин абураб рагIиги батIулаб букIиналда. Гьаб хIужжа-далил ва гьал кIудиял аятал ва гIаламатал гIоларищ инсанасе гьезул пикру гьабизе ва гьелги живги вижарав Халикъ вукIин лъазеги. Гьев Халикъги Т1адег1анав Аллагь вуго.

وَمَا جَعَلۡنَا لِبَشَرٖ مِّن قَبۡلِكَ ٱلۡخُلۡدَۖ أَفَإِيْن مِّتَّ فَهُمُ ٱلۡخَٰلِدُونَ ٣٤

**34. Дуда цеве дица цониги чи гьавичIо МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жив даимго чIаго вукIуневлъун, мунги хвезе вижарав вуго. Мун хун хадуб даимго чIаго рукIунелишха ругел гьел мушрикал ва мун гьереси гьавулел инкарчIагIи?**

Гьаб аят рештIинабуна мушриказ абураб мехалъ: гьев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вугин шигIрочи ва сихIрочи. Гьев хвезе вугин ва нилъеда тIаса ине вугин абун. Аяталъул магIна буго: гьевги хвезе вуго, нужги

хвезе руго, щибаб напсалъе жиндир ажал буго абураб.

كُلُّ نَفْسٍ ذَآئِقَةُ ٱلْمَوْتِ ۗ وَنَبْلُوكُم بِٱلشَّرِّ وَٱلْخَيْرِ فِتْنَةً ۖ وَإِلَيْنَا تُرْجَعُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Гьеб ажал лъугьараб мехалъ кинабго напс жинца хвел чIамизе бугеб буго. Дунялалда дица нужер хIалбихьи гьабула нигIматал кьун щукру гьабуладай абун, къварилъи тIад биччан сабро гьабуладай абунги. Ахир нуж киналго диде руссине руго** ва нужер гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица гьаб аяталъе тафсир гьабун абуна: «Дица нужер хIалбихьи гьабила бечелъи-рахIаталдалъун, захIмалъи-къварилъиялдалъунги. Унти-щокълъиялдалъун ва сах-саламат тунги. Мискинлъи-язихълъиялдалъунги. Х1алалаб-хIарамаб жоялдалъунги. Дида мутIигIлъи- гIасилъиялдалъунги, хIакъаб нухалда тIоритIи ва къосиналдалъунги»-абун. Ибнузайдицаги абуна: «Дица нужер хIалбихьи гьабила нужее бокьулеб, лъикIаб щинаб жоялдалъун, нужеца щукру гьабулищан абун. Нужее рихулеб захIматаб щинаб жоялдалъунги, нужеца сабро гьабулищан»-абун.

وَإِذَا رَءَاكَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِن يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا أَهَـٰذَا ٱلَّذِى يَذْكُرُ ءَالِهَتَكُمْ وَهُم بِذِكْرِ ٱلرَّحْمَـٰنِ هُمْ كَـٰفِرُونَ ﴿٣٦﴾

**36. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва гьесул диналда инкар ккурал гIадамазда мун вихьараб мехалъ, гьез мун махсароде гьавулев вуго МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: гьавищ вугев нужер алагьзабазда ва нужер диналда гIайиб ч1ван кIалъалев чиян абулеб буго гьез. Амма гьел руго жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасда инкар кколел ва гьесие мутIигIлъуларел.**

ХIакъав БетIергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал гIадамаз, батIулаб хъанчие лагълъи гьабиялда инкар кколезда гIайиб чIвай цIакъго ахIмакъаб иш гьечIишха?

خُلِقَ ٱلْإِنسَـٰنُ مِنْ عَجَلٍ ۚ سَأُو۟رِيكُمْ ءَايَـٰتِى فَلَا تَسْتَعْجِلُونِ ﴿٣٧﴾

**37. Инсанасул тIабигIат ва вижин буго жив хехлъулев, гIедегIулев вукIин.** Гьеб гIедегIиялдаса жо буго муъминзабазе бокьулеб букIин Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ аварагасдаги инкар ккурал, авараг махсароде гьавулел мушриказе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хекого гIазаб ва жазаъ гьабизе. Гьелъие жаваблъун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**Дица нужеда дагьаб нахъа бихьизабизе буго дир аятал,** гьел дидехун гIасилъарал гIадамаздаса ццин ва рецIел босулеб куцги. **Нужеца жиндир заман щвелелдего цо амру бач1ин тIалаб гьабуге.**

Гьединго инсан хехлъулев вукIиналъул гIаламат буго гьаб хадусеб аяталъ бицунеб жоги:

**38. Мушриказги абулеб буго: кидаха букIине бугеб** (хехго щай бачIунареб) **нижее гьабизе къотIи гьабураб гIазаб? Нуж битIараб жо бицулел ратани,** я гьал муъминзаби, бачеха гьеб гIазаб нижеда тIаде!

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلۡوَعۡدُ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ٣٨

Гьаб рагIи мушриказ абулеб буго аварагги ﷺ муъминзабиги махсароде гьарун, гьеб гIазаб жидеда щвезе гьечIин ракIалда ккун. Гьезул рагIиялъе жаваблъун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**39. Гьел инкарчагIазда лъалеб букIарабани гьеб гIазаб рештIараб мехалъ жидеда гьеб цIаялдаса гьурмал цIунизе кIолареблъи ва жидер мугъалги, тIолго черхги цIунизе кIолареблъи, гьезие квербакъулев ва гьездаса гIазаб нахъчIвалев щивго чи гьечIеблъи,** гьел капурзабаца абизе букIинчIо: «Киб бугеб нижее къотIи гьабураб гIазаб»-абун. Гьезда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъангутIиялъ, ахираталда иман лъунгутIиялъ ва гьениб бугеб алжанги, жужахIги лъангутIиялъ руго гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъуларого ва гьадинаб ахIмакъаб хабар бицулел.

لَوۡ يَعۡلَمُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ حِينَ لَا يَكُفُّونَ عَن وُجُوهِهِمُ ٱلنَّارَ وَلَا عَن ظُهُورِهِمۡ وَلَا هُمۡ يُنصَرُونَ ٣٩

**40. Гьеб гIазаб гьезда тIаде бачIине буго тохлъукьего:** гьезда ракIалдаго гьечIеб мехалъ ва гьез пикруго гьабичIеб рахъалъанги. **Цинги гьел цIакъ хIинкъизе ва хIайранлъизе руго. Гьезда гьеб гIазаб нахъчIвазеги кIвезе гьечIо, тIокIал нахърахъун тезеги гьечIо.** Жидее гIазаб гьабизе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къадар гьабураб гIуж тIаде щвараб мехалъ гьеб гIазаб гьаби нахъбахъуларо ва гьезие тавбо гьабизе, лъикIаб гIамал гьабизе рес букIуларо.

بَلۡ تَأۡتِيهِم بَغۡتَةٗ فَتَبۡهَتُهُمۡ فَلَا يَسۡتَطِيعُونَ رَدَّهَا وَلَا هُمۡ يُنظَرُونَ ٤٠

**41. ХIакълъунго дуда церехун ритIун рукIарал дир аварагзабиги** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **махсараде гьаруна МухIаммад** ﷺ, **дур къавмалъ мун гьавурав гIадин. Гьел къавмазда Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее хIакъаблъун гьабураб гьалаглъи ва гIазабги рештIана, гьел гьелда божун рукIинчIеб ва гьеб махсараде гьабулеб букIараб.**

وَلَقَدِ ٱسۡتُهۡزِئَ بِرُسُلٖ مِّن قَبۡلِكَ فَحَاقَ بِٱلَّذِينَ سَخِرُواْ مِنۡهُم مَّا كَانُواْ بِهِۦ يَسۡتَهۡزِءُونَ ٤١

Гьаб дур къавмалъеги гьабила Аллагьас ﷻ гьезул г1амалалда рекъараб жазаъ. Гьесул щибаб амруялъе цIараб ва къадар гьабураб заман буго.

**42. Мун махсароде гьавулел мушриказда дуца абе МухIаммад: «Жив гурхIулев Аллагьас ﷻ релъедалниги, къадниги нужеда гIазаб455 рештIизабиялдаса нуж цIунарав чи щив вугев?»-абун.**

قُلْ مَن يَكْلَؤُكُم بِٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ مِنَ ٱلرَّحْمَٰنِ ۗ بَلْ هُمْ عَن ذِكْرِ رَبِّهِم مُّعْرِضُونَ ﴿٤٢﴾

ГьечIо гьел цIунарав чи. Жиндие бокьараб гIужалъ гьезие гIазаб гьабизе кIолев вуго БетIергьан Аллагь. **Гьел руго жидерго бет1ергьан лъаларел, гьесул каламалъул вагIза босуларел, гьесул аятаздаса ва гIаламатаздаса мугъ бан чIараб къавм.**

**43. Гьезул Дун гурев цоги алагьзабийищ ругел, Дир гIазабалдаса гьел цIунулел ва квер бакъи гьабулел? Гьезул алагьзаби руго жидерго напсазе щибго лъикIлъи гьабизе кIоларел ва жидер напсал дир гIазабалдаса хвасар гьаризе кIоларел.**

أَمْ لَهُمْ ءَالِهَةٌ تَمْنَعُهُم مِّن دُونِنَا ۚ لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَ أَنفُسِهِمْ وَلَا هُم مِّنَّا يُصْحَبُونَ ﴿٤٣﴾

Гьал алагьзабиги, гьезие лагълъи гьабурал мушрикалги цого даражаялда руго ва гьел жужахIалда цадахъ рукIине руго.

**44. Дица гьал инкарчагIиги, гьезул умумулги лъикIаб магIишат-яшав кьун дунялалда лазат- рахIаталда тедал, гьедин жидер гIумруги унеб бугелъул, гьезда ракIалда ккана гьаб дунял тIаса унареб жо бугин, жидер бечелъи-ханлъиги даимаб бугин абун** ва дунялалъ гуккун, Аллагь ﷻ кIочон, гIамал кIодолъиялда хьвадана.

بَلْ مَتَّعْنَا هَٰٓؤُلَآءِ وَءَابَآءَهُمْ حَتَّىٰ طَالَ عَلَيْهِمُ ٱلْعُمُرُ ۗ أَفَلَا يَرَوْنَ أَنَّا نَأْتِى ٱلْأَرْضَ نَنقُصُهَا مِنْ أَطْرَافِهَآ ۚ أَفَهُمُ ٱلْغَٰلِبُونَ ﴿٤٤﴾

**Гьазда кин бихьулареб дица дир аварагасе ﷺ ва муъминзабазе квербакъиги гьабун гьезда сверухъ ругел мушрикал ва капурал гIадамазул ракьал исламияб диналъул ракьаллъун гьарулел рукIин. Гьал Маккаялъул мушрикал бергьунелишха ругел Аллагьасул ﷻ хIукму-къадаралдаса?**

ГьечIо гьел бергьулел, гьел цIакъго гIодорегIан гьаризе руго ва мутIигI гьаризе руго.

**45. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Х1акълъунго дица нужее хIинкъи кьолеб буго Аллагьас ﷻ дида вахIю гьабураб жоялдалъун.** Дун вуго Аллагьасул

قُلْ إِنَّمَآ أُنذِرُكُم بِٱلْوَحْىِ ۚ وَلَا يَسْمَعُ ٱلصُّمُّ ٱلدُّعَآءَ إِذَا مَا يُنذَرُونَ ﴿٤٥﴾

جَلَّ جَلَالُهُ рисалат нужехъе щвезабулев гьесул расул. **Амма гьел мушриказда жидеда бицунеб хIакъаб жо рагIулеб гьечIо, гIинкъав чиясда ахIараб гьаркь рагIулареб гIадин.**

Жидер хIалхъублъи ва тушманлъи кутакаб букIиналъ гьезие щибго жоялъул вагIза лъугьулеб гьечIо ва гьел хIинкъулелги гьечIо.

وَلَئِن مَّسَّتۡهُمۡ نَفۡحَةٞ مِّنۡ عَذَابِ رَبِّكَ لَيَقُولُنَّ يَٰوَيۡلَنَآ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ٤٦

**46. Гьел мушриказе жиндалъун хIинкъи кьолеб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIазабалдаса цо гьитIинабго жо гьезда хъвалебани, гьел ахIдезе рук1ана: «Вай нижее бугеб къварилъи! Х1акълъунго ниж напсазе зулму гьабулел рукIун ругоха Аллагьасул авараг гьереси гьавун, гьесие къварилъи гьабун»-абун.**

وَنَضَعُ ٱلۡمَوَٰزِينَ ٱلۡقِسۡطَ لِيَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ فَلَا تُظۡلَمُ نَفۡسٞ شَيۡـٔٗاۖ وَإِن كَانَ مِثۡقَالَ حَبَّةٖ مِّنۡ خَرۡدَلٍ أَتَيۡنَا بِهَاۗ وَكَفَىٰ بِنَا حَٰسِبِينَ ٤٧

**47. Дица къиямасеб къоялъ цIакъ ритIарал цIадираби лъезе руго гIадамазул гIамалал цIазе. Цинги цохIо напсалъе щибго зулмуги гьабизе гьечIо.** ЛъикIлъи дагь гьабун яги квешлъи цIикIинабун. **ЦохIо хардалалъул мугь гIадаб жо бугониги гьев инсанасул гIамал, гьеб гIамал дида цебе бачIине буго.** Малаикзабаца гIамал хъвалел даптаразда хъван букIине буго гьеб. **Гьеб къоялъ цохIо дун гIезе вуго кинабниги халкъалъул хIисаб гьабизе.**

Дие гьеб щибго захIматаб жо гьечIо ва дица щивасул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

Гьаб аяталдасаги мурад буго инсан кантIизави. Гьес гьабураб гIамалалъул цохIо заррагIадаб жоги балъго хутIулареб мехалъ ва гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ жиндие букIинги хIакълъараб мехалъ, гьев чи хIинкъизе Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъизе ва гьес тавбо гьабун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун, гIибадат гьабизе.

Хардалалъул мугь буго гьанжелъизегIан гIалимзабаца цIех-рех гьабурал хурдузул хьоналъул бищунго гьитIинаб мугь. Цо кг. хардалалъул мугьазул рикIкIараб мехалъ гьениб батана 913 азарго мугь. Цо мугьалъул цIайи башалъулеб буго цо грамалъул 913 бутIаялда: цо грамалда жаниб букIунеб буго (913) хардалалъул мугь. Гьаб гIелмияб цIех-рехалдалъун лъазабураб хIакъикъат аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъазаби ва гьеб умматалда бицун баян гьаби Къуръаналъул мугIжизатаздаса цо мугIжизат буго.

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ٱلۡفُرۡقَانَ وَضِيَآءٗ وَذِكۡرٗا لِّلۡمُتَّقِينَ ٤٨

**48. Х1акълъунго, дица Муса ва Гьарун аварагасе** عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ **Таврат кьуна, жинца хIалалаб ва хIарамаб жо, гьединго**

**хIакъаб ва батIулаб жо батIа гьабулеб. хIакъаб нух бихьизабулеб нурлъун бугеб, Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал гIадамазе вагIзалъунги бугеб.**

ٱلَّذِينَ يَخۡشَوۡنَ رَبَّهُم بِٱلۡغَيۡبِ وَهُم مِّنَ ٱلسَّاعَةِ مُشۡفِقُونَ ٤٩

**49. Гьезда бихьичIеб жоялда божун Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва гьесдаса х1инкъулел руго гьел муъминзаби. Ахираталъул гIазабалдасаги гьел хIинкъун рукIула.**

وَهَٰذَا ذِكۡرٞ مُّبَارَكٌ أَنزَلۡنَٰهُۚ أَفَأَنتُمۡ لَهُۥ مُنكِرُونَ ٥٠

**50. Гьаб жиндилъ баракат бугеб хирияб Къуръанги буго дица нужер мацIалда жиб рештIинабураб. Гьалдаги инкарищха нужеца кколеб, я гьал гIарабал?.**

Гьеб цIакъ пасихIаб, магIна гъваридабги букIаго, нужер хиралъи ва къадро гьелда жаниб рехсонги букIаго.

۞وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَآ إِبۡرَٰهِيمَ رُشۡدَهُۥ مِن قَبۡلُ وَكُنَّا بِهِۦ عَٰلِمِينَ ٥١

**51. Х1акълъунго Дица Ибрагьим аварагасеги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кьуна гьев гьитIинав вугеб мехалъго диналъул ва дунялалъул маслахIаталда гьев вачунеб тIоритIел ва гIакъло.**

Бакъ-моцIалда ва цIвабзазда валагьун Аллагь ﷻ цо вукIиналъе далил бачунев вукIана Ибрагьим жив гьитIинав вугеб мехалъго. **Дун лъалев вукIана Ибрагьим عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хира гьавизе ва жиндихъе рисалат кьезе мустахIикъав вукIин.**

إِذۡ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوۡمِهِۦ مَا هَٰذِهِ ٱلتَّمَاثِيلُ ٱلَّتِيٓ أَنتُمۡ لَهَا عَٰكِفُونَ ٥٢

**52. Ибрагьим аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир инсуда ва къавмалда абуна: «Гьал хъанчал щал жал ругел нужеца жидее гIибадат гьабулел ругел?»-абун.**

Жинда лъалеб букIаниги мушриказ гьел хъанчазул къадро гьабулеблъи, Ибрагьимица гьел сан гьаричIого ва гьел жолъунго рикIкIичIого абуна: «Гьал хъанчал щал жал ругел»-абун.

قَالُواْ وَجَدۡنَآ ءَابَآءَنَا لَهَا عَٰبِدِينَ ٥٣

**53. Мушриказ абуна: «Нижеда умумул ратана гьезие гIибадат гьабулел.**

Гьезда нахърилълъун нижецаги гьабулеб буго гьезие гIибадат»-абун.

قَالَ لَقَدۡ كُنتُمۡ أَنتُمۡ وَءَابَآؤُكُمۡ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ٥٤

**54. Ибарагьимица абуна: «Х1акълъунго, нужги нужер умумулги баянабго къосиналда жанир руго»-абун.**

قَالُوٓاْ أَجِئۡتَنَا بِٱلۡحَقِّ أَمۡ أَنتَ مِنَ ٱللَّٰعِبِينَ ٥٥

**55. Къавмалъ Ибрагьимида عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Мун хIакъаб жо босун**

**вачIун, гьеб бицуневищ вугев, яги мун гьадинго махсароде жо бицуневищ вугев?»-абун.**

قَالَ بَل رَّبُّكُمْ رَبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ٱلَّذِى فَطَرَهُنَّ وَأَنَا۠ عَلَىٰ ذَٰلِكُم مِّنَ ٱلشَّٰهِدِينَ ﴿٥٦﴾

**56. Ибрагьимица абуна: «ГьечIо дун махсараде жо бицунев. Нужеца гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан гьал зобалракьазул БетIергьан вуго, жинца гьел рижарав ва гьезул тадбир гьабулев.**

Гьел нужецаго гьарурал хъанчал гьечIо жидее гIибадат гьабизе кколел. **Дунги вуго гьеб ишалъе нужее нугIлъи гьабулев.** Гьелъие мухIканал хIужжабиги руго, жал нахъ чIвазе кIоларел далилалги руго.

وَتَٱللَّهِ لَأَكِيدَنَّ أَصْنَٰمَكُم بَعْدَ أَن تُوَلُّوا۟ مُدْبِرِينَ ﴿٥٧﴾

**57. Ва, Таллагьи, дица нужер хъанчазе цо макро ва зарал гьабичIого теларо, нуж гьезда аскIоса нахъе аралго.**

Гьеб къавмалъул лъагIалида жаниб цо нухалъ гьел данделъулеб гIид (празник) букIана. Азарица Ибрагьимида абуна: «Мунги вачIа нижгун цадахъ нижер гIидалда, цинги бокьизе буго дуе нижер дин»-абун. Ибрагьим авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьелгун цадахъ къватIиве вахъана ва нухда унаго цо бакIалда ракьалда вегун чIана: жиндир бох унтулеб бугин, вилъине кIолеб гьечIин»-абун. Къавмалъ гьев гьеб бакIалда тана ва жал церехун ана. Гьезда хадув валагьун Ибрагьимица абуна: «Таллагьи, дица нужер хъанчазе цо макро гьабичIого теларо»-абун. Цинги гьев нахъвуссун росулъе ана ва цо кIудияб гIаштIиги босун гьезул хъанчал хвезаризе жувана.

فَجَعَلَهُمْ جُذَٰذًا إِلَّا كَبِيرًا لَّهُمْ لَعَلَّهُمْ إِلَيْهِ يَرْجِعُونَ ﴿٥٨﴾

**58. Ва Ибрагьимица гьел хъанчал рекизарун кескал ва къотIелал гьарун гIодоре рана, цо бищунго кIудияб хъанч хутIизегIан.**

Гьеб хъанч хвезабичIого тана ва гьелъул габуралда тIад жинца хъанчал хвезарураб гIаштIиги лъуна: къавм тIад буссун бачIараб мехалъ гьезда дагIба-къец гьабизе ва гьел махсараде гьаризе. Къавмалъ **гьеб кIудияб хъанчалда гьикъизе лъица цогидал хъанчал хвезарурал абун.** Цинги гьелъ щибго жо бицичIеб мехалъ гьезда лъазе гьел хъанчал гIажизал рукIин жалго цIунизе, гьединал алагьаз жидее щибго кумек гьабулареблъиги лъазе.

قَالُوا۟ مَن فَعَلَ هَٰذَا بِـَٔالِهَتِنَآ إِنَّهُۥ لَمِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٥٩﴾

59. Къавм тIад буссун бачIараб мехалъ ва жидер хъанчал рекун, гъурун гIодоре ран ратараб мехалъ, **гьез абуна: нижер алагьзабазе гьаб жо гьабурав чи жидеца**

**зулму гьабулел чагIаздаса вуго»-абун.**

قَالُواْ سَمِعْنَا فَتًى يَذْكُرُهُمْ يُقَالُ لَهُۥٓ إِبْرَٰهِيمُ ٦٠

**60. Къавмалъул цояз абуна: «Нижеда цо гIолохъанав вас рагIун вукIана жинда Ибрагьимилан абулев, жинца нилъер алагьзабазда квешаб рагIи абулев»-абун.**

Гьес нилъер алагьзабазда рогьоб балеб букIана, гьел какулел рукIана ва гьезие цо квешлъи гьабичIого теларин абулеб букIана.

قَالُواْ فَأْتُواْ بِهِۦ عَلَىٰٓ أَعْيُنِ ٱلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَشْهَدُونَ ٦١

**61. Къавмалъул цогидаз абуна: «Нуж рачIа гьев Ибрагьимги вачун гьал гIадамазда цере. Гьев киназдаго вихьизе ва гьесие гьабулеб гIазабги бихьизе.**

Гьелдаса хадуб цоги щивго чиясда кIвезе гьечIо нилъер алагьзабазда рагIи абизе ва гьезие зарал гьабизе»-абун. Гьаб рагIи абулев чи гьезул хан Намруз вукIана, жиндир ханлъи гIемераб ракьалда тIад тIибитIарав.

قَالُوٓاْ ءَأَنتَ فَعَلْتَ هَٰذَا بِـَٔالِهَتِنَا يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ ٦٢

62. Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вачун вачIараб мехалъ Намрузил **къавмалъ абуна: «Мунищ вугев я Ибрагьим, нижер алагьзабазе гьаб жо гьабурав чи?»-абун.**

قَالَ بَلْ فَعَلَهُۥ كَبِيرُهُمْ هَٰذَا فَسْـَٔلُوهُمْ إِن كَانُواْ يَنطِقُونَ ٦٣

**63. Ибрагьимица абуна: «Гьеб жо дица гьабичIо, гьеб гьабуна гьале гьаб кIудияб хъанчалъ»-абун.**

Гьеб кIудиялъул ццим бахъана нужеца гIисиназеги лагълъи гьабулеб бугин абун ва гьелъ киналго гъурун гIодоре рана. **Нуж дида божулел ратичIони нужеца гьел алагьзабазда гьикъеха лъица жал хвезарурал абун гьел кIалъалел ратани ва гьез нужее жавабги кьолеб батани.**

Гьаб рагIи Ибрагьимица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна къавмалъул ахIмакълъи загьир гьабизе ва гьезда бичIчIизе жидеца гьабулеб жо батIулаб букIин. «Нижеца кин гьел кIалъазарилел, гьезда кIалъазе лъалареб мехалъ»-ян, къавмалъ абидал, Ибрагьимицаги абизе: «Гьединал алагьзабазе нужеца кинха лагълъи гьабулеб ва гьездаса нужее щиб хайир бугеб?»-абун. Цинги гьезул жаваб букIунаро ва гьез гьабулеб жо батIулаб букIин чIола.

فَرَجَعُوٓاْ إِلَىٰٓ أَنفُسِهِمْ فَقَالُوٓاْ إِنَّكُمْ أَنتُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٦٤

**64. Цинги Намрузги гьесул къавмги жидерго напсазде руссана, гьез жидер ишалъул пикруги гьабун, абуна: «ХIакълъунго нуж руго нужеего зулму**

**гьабурал: нужеца лагълъи гьабун бугелъул кIалъазе кIолорел, жалго жидеда цIунизеги кIоларел алагьзабазе»-абун.**

**65. Хадурги гьел жидер пикру-гIакълуялдаса руссана ва жидерго гIамал кIодолъи ва чIухIиялда ана. Гьел Ибрагьимиде руссана ва ццим бахъун гаргадана: «Х1акълъунго дуда лъалагурищ гьал алагьзаби жал кIалъаларел рукIин?**

ثُمَّ نُكِسُواْ عَلَىٰ رُءُوسِهِمۡ لَقَدۡ عَلِمۡتَ مَا هَٰٓؤُلَآءِ يَنطِقُونَ ۝٦٥

Дуца щай нижги нижер алагьзабиги махсароде гьарулел?»-абун.

**66. Ибрагьимица عَلَيۡهِ السَّلَامُ абуна: «Гьедин бугони жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ живго тун, нужее щибго мунпагIат гьабулареб, яги зарал гьабулареб жоялъе гIибадат щайха гьабулеб?**

قَالَ أَفَتَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَنفَعُكُمۡ شَيۡـٔٗا وَلَا يَضُرُّكُمۡ ۝٦٦

**67. КъабихIлъи ва хIакъирлъи буго нужееги ва нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тун жидее гIибадат гьабурал алагьзабазеги. Гьеб жо кин нужеда бич1чIулареб?**

أُفّٖ لَّكُمۡ وَلِمَا تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِۚ أَفَلَا تَعۡقِلُونَ ۝٦٧

Нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щай гьабулареб гIибадат?»-абун.

**68. Гьеб къавмалъ цояз цогидаздехун абуна: «Нужеца гьев Ибрагьим цIадаве рехун вухIе ва гьедин рецIел босе нужер алагьзабазе, нуж рецIел босулеллъун ратани»-абун.**

قَالُواْ حَرِّقُوهُ وَٱنصُرُوٓاْ ءَالِهَتَكُمۡ إِن كُنتُمۡ فَٰعِلِينَ ۝٦٨

Залимзабазул, гIасиял ва пасикъал гIадамазул гIадат буго жидеда битIараб нухда ч1ун бажаричIеб мехалъ, жидер хIакъаб жоялда данде хIужжа-далилги гьечIеб мехалъ гьеб хIакъаб жоялда данде рагъ базе рахъунеб. Гьеб хIукму гьабуна Намрузицаги гьесул къавмалъги: жегиги балугълъичIев, цохIо жив гурев жинда хадув чиги гьечIев Ибрагьим عَلَيۡهِ السَّلَامُ цIадаве рехун вухIизе.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Гьев Намрузица амру гьабун гьесул къавмалъ цо моцIалъ Ибрагьим вухIизе цIа бакизе цIул хIадурулеб букIана. Жидее гьеб цIул бак1ари къадро к1удияб, алагьзаби разилъулеб амрулъунги бихьун бук1ана. Цо чIужу унтун йигони гьелъ назро гьабулеб букIана жий сахлъани жинца Ибрагьим вухIизе цIа бакизе цIул баччила абун. Хадуб гьез кIудияб гвенд гьабун, гьениб цIулал гIарахъги гьабун, гьелда цIа бакана.

Гьеб цIаялда аскIор къазе кIолеб хIалги букIинчIо. Гьеб бакIалда тIаса боржун унеб хIинчIги цIаялъ бухIун гIодобе бортулеб букIана. Цинги гьез Ибарагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ квараз вухьун ганч1ил гIарадаялдаги лъун гьелъ хьваг1ун цIадаве рехана. Гьев цIадаве ккаравго гьесухъе Жабраил малаик вачIана ва гьес абуна: «Дур хIажат батани гьеб бице дида»-абун. Ибрагьимица абуна: «Дуда дир хIажат гьечIо»-абун. Жабраил малаикас абуна: «Гьедин батани Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьареха дур хIажат»-абун. Цинги Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ дица гьаричIониги лъалев вуго дир хIал»-абун.
ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

قُلْنَا يَٰنَارُ كُونِي بَرْدًا وَسَلَٰمًا عَلَىٰٓ إِبْرَٰهِيمَ ﴿٦٩﴾

**69. Дица гьеб цIаялда абуна: «Я цIа! Мун цIорораблъун букIа Ибарагьимие عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесие зарал гьечIеблъунги букIаян»-абун.**

Гьеб цIаялъ Ибрагьим вухьун рукIарал кварал гурони рухIичIо. ТIадегIанав Аллагьас «Ибрагьимие зарал гьечIеб букIа»-абураб рагIи абичIебани, Ибрагьим цIорон хвелаан гьеб цIеда жанив вукIагоян абуна ИбнугIаббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ.

وَأَرَادُواْ بِهِۦ كَيْدًا فَجَعَلْنَٰهُمُ ٱلْأَخْسَرِينَ ﴿٧٠﴾

**70. Гьезие бокьун букIана Ибрагьим аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ цIаялъ вухIун зулму гьабизе, амма Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул мурад тIубазе течIо ва гьелги цIакъ чIорого хутIараллъун ккана.**

ИбнухатIибица абуна: «Гьев Намрузил къавмалда тIад Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кIкIара биччана гьезие гIазаб гьабизе ва кIкIараялъ би цIун гьалаг гьаруна гьел. Намрузил магIарзухъе ун цо кIкIараялъ хIанчIулеб букIана ва гьев гьабизе жо тIагIун жиндир бетIер къадалъ кьабулев вукIана. Гьес къавмалдаги абуна жиндир бетIералда кьабеян абун. Гьедин гIазабалда хвана Ибрагьимие عَلَيْهِ السَّلَامُ гIазаб гьабизе ургъарав Намруз.
Жиндир къавмалда гьоркьов гIемер мехалъ чIун, гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIулев вукIана Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ изну кьун гьев жив вижараб Г1иракъалъул ракьалдаса къватIиве вахъана.
ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَنَجَّيْنَٰهُ وَلُوطًا إِلَى ٱلْأَرْضِ ٱلَّتِي بَٰرَكْنَا فِيهَا لِلْعَٰلَمِينَ ﴿٧١﴾

**71. Дица гьев Ибарагьимги, гьесул вацасул вас ЛутIги хвасар гьаруна купру-ширк гьабулеб къавмалъул зулмуялдаса ва дица гьел жиндилъ г1аламалъего баракат бугеб Шамалъул ракьалде рачана.**

Гьеб Шам букIана аварагзабаца عَلَيْهِمُ السَّلَامُ жинда гьижра гьабулеб ракь. Шамалъул бищунго лъикIаб букIана Палестиназул ракь: Жинда тIад

Байтул-мукъадас масжид бугеб. Гьеб Шамалъул ракьалда махIшаралъул ракьиланги абула.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жинда салам лъеяв Ибрагьим аварагас лъабго гьереси бицана жиндир дин ва напс цIунун. Цо гьереси букIана жив къавмгун цадахъ гIид гьабизе унеб мехалъ «дун унтун вугин»- абун къавмалдасан ватIалъи. КIиабилеб букIана нижер алагьзаби лъица хвезе гьарурал абураб мехалъ «гьаб кIудияб хъанчалъ хвезарунаян»-аби.*

*Лъабабилеб букIана: Жиндир хъизан Саратгун цадахъ Шамалда унеб мехалъ цо бакIалда рештIун рукIадго, гьезда тIаде вачIана гьеб ракьалъул залимав ханасул хIалтIухъан ва гьесда Сарат цIакъ берцинай чIужулъун йихьидал, ханасухъе ун гьесда бицана гьаб нилъер бакIалда цо чи рештIун вугин живгун цадахъ цIакъ берцинай чIужугIаданги йигин абун. Ханас гIадамал ритIана гьев жиндихъе вачун рачIа абун. Гьел гIадамал Ибрагьимихъе рачIун гьев ханасухъе вачиндал ханас гьесда гьикъана: «Гьай мунгун цадахъ йигей чIужугIадан щий дуе кколей»-абун. Ибрагьимица абуна: «гьей дир яц йиго»-абун. Дов ханас абуна: «гьей дихъе йитIе»-абун. Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Саратихъе вачIана ва гьелда бицана гьав залимав ханас дида мун щий абун гьикъидал дица мун дир яц йигин абунин, гьанже дуцаги гьебго рагIи абейин дун гьереси гьавичIого. ХIакъикъаталдаги мун дир диналъул яц кколин, гьаб ракьалда тIад мунги дунги гурони Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулел бусурбаби гьечIелъул абун. Цинги Сарат ханасухъе йитIун Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ как базе ва дугIа гьабизе вахъана.*

*Сарат гьев ханасде тIаде щвезайидалго, гьелъул берцинлъи бихьун хан гьелда тIаде къана ва гьев цо гучаб жоялъ ккун, щибго вагъаризе кIоларого чIезавуна. Ханас гьарана Саратида жив виччаян дугIа гьабейилан. Саратица дугIа гьабун гьев виччана ва гьанжеги гьелдехун гьетIаравго жив ккун чIезавуна. Лъабго нухалъ гьедин ккун хадув гьев хан цIакъ хIинкъана ва жиндир хIалтIухъабазда цIакъ вагъана: «Нужеца дихъе чIужугIадан абун щайтIан бачун бачIун бугин»-абун. Хехго гьей нахъе щвезае абуна ва гьелъие сайгъаталъе Гьажарги кьуна. Сарат ячIуней йикIин лъараб мехалъ Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ как бай жибго тун, гьелда гьикъана: «Щиб хабар бугеб!»-абун. Саратица абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун гьев капурчиясул квешлъиялдаса цIунана ва дие хъулухъалъе Гьажарги кьуна»*-абун. ХIадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьай Гьажар йиго ИсмагIилил эбел. Саратица цоники лъимер

гьабун букIинчIо гьай Гьажарица ИсмагIил гьавун анцIила анкьго сон инегIанги. Гьеб мехалъ Ибрагьимги عليه السلام херлъун вукIана ва Саратилги лъимер букIиналдаса хьул къотIун букIана. Гьелдаса хадув гьавуна Саратица ИсхIакъ абулев вас. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَوَهَبۡنَا لَهُۥٓ إِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ نَافِلَةٗۖ وَكُلّٗا جَعَلۡنَا صَٰلِحِينَ ٧٢

**72. Дица гьев Ибрагьим аварагасе عليه السلام сайгъат гьавуна ИсхIакъ абулев вас, гьесда тIадеги ЯгIкъубги кьуна ИсхIакъил васлъун жив вугев. Дица гьел киналго лъикIаб агьлолъун гьаруна.** Аварагзабилъун гьаруна, жидеца исламияб диналда халкъ ахIулел.

وَجَعَلۡنَٰهُمۡ أَئِمَّةٗ يَهۡدُونَ بِأَمۡرِنَا وَأَوۡحَيۡنَآ إِلَيۡهِمۡ فِعۡلَ ٱلۡخَيۡرَٰتِ وَإِقَامَ ٱلصَّلَوٰةِ وَإِيتَآءَ ٱلزَّكَوٰةِۖ وَكَانُواْ لَنَا عَٰبِدِينَ ٧٣

**73. Дица гьел, гIадамазе имамзабилъун ва гьезул церехъабилъун гьаруна, дир амруялдалъун жидеца халкъ хIакъаб диналда тIоритIулел. Дица гьезда кинабго лъикIаб гIамалги вахIю гьабуна. Как бай абун, закат кье абунги амру гьабуна. Гьел киналго дие гIибадат гьабулелги рукIана.** Ширк гьабуларел, дие гIибадат бац1цIад гьабулел рукIана.

وَلُوطًا ءَاتَيۡنَٰهُ حُكۡمٗا وَعِلۡمٗا وَنَجَّيۡنَٰهُ مِنَ ٱلۡقَرۡيَةِ ٱلَّتِي كَانَت تَّعۡمَلُ ٱلۡخَبَٰٓئِثَۚ إِنَّهُمۡ كَانُواْ قَوۡمَ سَوۡءٖ فَٰسِقِينَ ٧٤

**74. Дица ЛутIиеги عليه السلام гIелму ва хIикмат кьуна. Гьесие авараглъиги кьуна ва гIадамал диналда ахIизе пагьмо-гIакълоги кьуна. Гьесул дагIват къабул гьабичIеб пасикъаб къавмалъул росабазда гIазаб рештIунеб мехалъ дица гьев хвасар гьавуна. ЦIакъ квешаб къавм букIана гьеб, цониги къавмалъго гьабичIеб къабихIаб пиша гьабурал.** Бихьиназда жимаг1 гьабулел, руччабазда аск1ор къаларел рук1ана.

وَأَدۡخَلۡنَٰهُ فِي رَحۡمَتِنَآۖ إِنَّهُۥ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ٧٥

**75. Дица гьев ЛутI عليه السلام дир рахIматалъулъ лъугьинавуна. Х1акълъунго гьев вукIана жидеца дие тIагIат- гIибадат бац1цIад гьабурал лагъзадеридаса.**

وَنُوحًا إِذۡ نَادَىٰ مِن قَبۡلُ فَٱسۡتَجَبۡنَا لَهُۥ فَنَجَّيۡنَٰهُ وَأَهۡلَهُۥ مِنَ ٱلۡكَرۡبِ ٱلۡعَظِيمِ ٧٦

**76. Гьал аварагзабаздаса гIезегIанго цеве вукIарав НухIил عليه السلام къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад صلى الله عليه وسلم дуца.**

Азарго сон гIагарун заманаялъ жиндир къавм Аллагь جل جلاله цо гьавун,

гьесие гIибадат гьабиялда ахIараб мехалъ ва гьезул цIакъ дагьал гIадамаз гурони жиндир дагIват къабул гьабичIеб мехалъ; **гьев НухIица Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьарана жиндир къавм гьалаг гьабе абун:** «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца гьаб капураб къавмалъул цохIо чи чIаго тоге гьаб ракьалда тIад»-абун.

**Дица гьев НухI аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **дугIаялъе жаваб гьабуна ва дица гьевги гьесда иман лъураб агьлоги хвасар гьаруна капурзабазда тIаде биччараб балагьалдаса, ва кутакаб пашманлъиялдаса.** Щибго жидер гьунар гьечIого, лъутизе, рахчизе бакIги гьечIого балагьун бералгун жал лъеда гьокь кколеб заман цIакъ пашманаб заман букIана капурзабазе. Гьеб къварилъиялдаса дица НухI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзаби хвасар гьаруна

وَنَصَرْنَٰهُ مِنَ ٱلْقَوْمِ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَآ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ قَوْمَ سَوْءٍ فَأَغْرَقْنَٰهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٧٧﴾

**77. Дица НухI аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **квербакъи гьабун капураб къавмалъул квешлъиялдаса гьев цIунана.** Жидеца дир аятал гьереси гьарурал ва дидехун ширк гьабун хъанчие лагълъи гьабурал. **ЦIакъ квешаб къавм букIана гьеб. Дица гьел киналго гъанкъизаруна.**

وَدَاوُۥدَ وَسُلَيْمَٰنَ إِذْ يَحْكُمَانِ فِى ٱلْحَرْثِ إِذْ نَفَشَتْ فِيهِ غَنَمُ ٱلْقَوْمِ وَكُنَّا لِحُكْمِهِمْ شَٰهِدِينَ ﴿٧٨﴾

**78. Давуд ва Сулайман аварагасул** عَلَيْهِمَا السَّلَامُ **къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **дуца. Гьев кIиясго хуралъул бетIергьабазе хIукму гьабураб гIуж ракIалда щвезабе: цо къавмалъул гIиял гьеб хурире ун гьез гьеб хвезбураб гIужалъ. Дида лъалеб букIана гьев кIиясго гьабулеб хIукму ва дун гьелдаса гьапулав вукIинчIо.**

فَفَهَّمْنَٰهَا سُلَيْمَٰنَ ۚ وَكُلًّا ءَاتَيْنَا حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ وَسَخَّرْنَا مَعَ دَاوُۥدَ ٱلْجِبَالَ يُسَبِّحْنَ وَٱلطَّيْرَ ۚ وَكُنَّا فَٰعِلِينَ ﴿٧٩﴾

**79. Дица гьеб хIукму битIун гьабизе гIелму ва пагьму кьуна Сулаймание** عَلَيْهِ السَّلَامُ**. Давудги Сулайманги кIиявго авараг** عَلَيْهِمَا السَّلَامُ **вукIана ва дица жидее гIелмуги гIакълоги кьурал лъикIал гIадамаздаса рукIана. Дица Давуд** عَلَيْهِ السَّلَامُ **аварггун цадахъ жидеца тасбихI гьабулеллъун гьаруна мугIрулги, хIанчIиги ва дун дие бокьараб жо бокьухъин гьабизе кIолев вуго.**

Дир хIалкIолъиялъе гIорхъи гьечIо ва гьелъие квалквал гьабулеб щибго жо гьечIо.

ГIалимзабаца абуна: жинда Аллагьасул салам лъеяв Давуд аварагасухъе кIиго дагIбадулав вачIана: цоясул гIиял сардил гIужалъ цогидасул

хурире ун гьеб хур тIубанго хвезабун букIана. Давуд аварагас عَلَيْهِالسَّلَامُ хIукму гьабуна гьел гIиял хуралъул БетIергьанчиясе тезе. Гьев кIиявго къватIире рахъараб мехалъ гьезда рагьда чIун Сулайман авараг عَلَيْهِالسَّلَامُ ватана ва гьес гьикъана щиб хIукму гьабураб абун. Доз жидее гьабураб хIукму бицидал Сулайман Давудиде тIаде ана ва гьес абуна: «Я набияллагь! Гьеб хIукмуялдаса лъикIаб цоги хIукму буго гьел киналго жинда рекъолеб ва жиндир мунпагIат цIикIараб»-абун. Давудица абуна: «Щиб хIукмуха бугеб»-абун. Сулайманица абуна: «Хуралъул бетIергьанасухъ гIиял кьезе руго гьезул рахьалдаса, тIинчIалдаса ва квасалдаса мунпагIат босизе. ГIиязул бетIергьанас доб хур цIидаса бекьун, хьан цебе букIараб хIалалъ къачIазе буго. Гьедин хур къачIан тIобараб мехалъ гьесул гIиял гьесухъе кьезе руго, хуралъул бетIергьанас жиндирго хуралъул милат гьабизе буго»-абун. Давуд аварагас عَلَيْهِالسَّلَامُ абуна: «Дуе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьун бугоха дир вас битIараб хIукму гьабизе»-абун.

Жидеца хIукму гьабулел гIадамал жиндаса гъапулаб масъала буго гьаб; цогидас гьабураб хIукму битIараб букIин лъараб мехалъ гьеб къабул гьаби ва гьелда гIамал гьаби. Жагьиллъи ва напс бокьи цIикIараб букIиналъ чанги жив гIалимчиян вугев чи вуго кигIанго мекъаб хIукму жинца гьабун бугониги гьеб хIукму битIараблъун бихьизабизе бокьулев ва гьелъие гIоло Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ ахиратги кIочон хьвадулев. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги нилъ гьеб ахIмакъаб чIухIиялдаса. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIовитIарав муъминчи жинда хIакъаб жо лъараб мехалъ гьеб босулев вукIула ва кигIанго жиндир напсалъе бокьараб бугониги батIулаб жо рехун толевги вукIула.

Цоги гьаб аяталдаса бич1чIизе кколеб масъала буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун гурони хIукму битIун гьабизе гьунар букIунареблъи. Чанги гIакъилав чи хатIаълъун вихьула нилъеда ва чанги гIантав чияс битIараб хIукму гьабунги бихьула.

ГIалимзаби жинда рекъараб, жиндие далил бугеб рагIи буго: цо гIалимчияс жиндир гIелмуялда рекъон, жиндир напсалъе бокьараб жоялда гьетIичIого хIукму гьабураб мехалъ, гьев гIалимчи хатIаълъун кканиги гьесие жиндир ижтигьалъул (яхI бахъиялъул) кири буго. Жив хIукмуялъулъ витIун ккараб мехалъ гьесие кIиго кири буго: цо жиндир ижтигьадалъул, цо жив витIун ккеялъулги.

ХIасанул Басрияс абуна: ТIадегIанав Аллагьас жидеца хIукму гьабулел гIадамазе ажро букIиналъе лъабго шартI гьабун буго:

<u>ТIоцебесеб</u> шартI буго: гьеб хIукму гьабулеб гIужалъ цохIо Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ гурого хIинкъунгутIи ва гьев разилъи тIалаб

гъабун хIукму гъаби.

<u>КIиабилеб</u> шартI буго: гьеб хIукму дунялалъул боцIи тIалаб гьабун, гьелъие гIоло гьабунгутIи: ай шаргIалда хилипаб хIукму гьабунгутIи дунялалъул магIишат жиндие щвей мурадалда.

<u>Лъабабилеб</u> шартI буго: гьеб хIукму жиндирнапсалъе бокьухъин жиндирго гIакълуялда нахъвилълъун гьабунгутIи.

Гьединго гIалимзабазда гьоркьоб машгьураб х1адисалда буго: *«Жидеца хIукму гьабулел гIадамазул кIигояв жужахIалда уна цо алжаналда уна. Жив алжаналда унев хIаким вуго жинца хIукму Къуръан хIадисалда рекъон гьабулев, гьеб хIукму гьабизе жиндаги лъалев. Жив жужахIалда унев хIаким вуго жиндир гIелму лъайго гьечIого хIукму гьабулев ва жинда хIакъаб жо лъалеб букIаниги жинца гьелъул хилапалда хIукму гьабулев»*-абун. Х1адис имам абу-Давудица ва Тирмизияс бицана.

Гьаб бакIалда бицине мустахIикъаб хIадис буго жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«К1иго чIужугIадан йикIана жий кIиялъулго цо-цо гьитIинав васгун цадахъ. Гьезда тIаде бацI бачIун гьелъ цо вас викъун ана. Цинги гьей кIияйго Давуд аварагасухъе* عَلَيْهِ السَّلَامُ *рачIана хIукму гьабизе ва гьес чIаго хутIарав вас кIудиялай чIужугIаданалъе вуго абун хIукму гьабуна. Давуд аварагасда* عَلَيْهِ السَّلَامُ *аскIоса къватIир рахъаралго гьел Сулайман аварагасде* عَلَيْهِ السَّلَامُ *тIаде ккана. Сулайманида* عَلَيْهِ السَّلَامُ *жидер дагIба бициндал гьес абуна: «Дихъе цо нус босун рачIа, дица гьев вас нуж кIияздаго гьоркьов ващад гьавун викьизе вуго абун. Цинги гьитIинаяй гIаданалъ абуна дуе талихI кьеги, гьабуге гьеб жо!-*абун. Гьев вас гьай гьитIиналъул вуго абун хIукму гьабуна Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Давуд авараг цIакъ гьаракь берцинав вукIана. Гьесул Забур цIалулеб ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсолеб гьаракь рагIараб мехалъ гьаваялда роржун унел хIанчIи чIун хутIулел рукIана, ва гьесулалда релъараб бакъан бачун чIирчIидулел рукIана. Гьединго мугIрузулги дандерижи рагIулеб букIана гьес цIалараб жо такрар гьабун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасда цо сордоялъ Абумусал АшгIарияв абулев асхIаб рагIана, жинца цIакъ берцинаб гьаракьалъ Къуръан цIалулев. Авараг صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьесул Къуръан цIалиялда гIенеккун чIана ва абуна: *«Х1акълъунго гьев Абумасае Давуд аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ *берцинаб бакъан кьун буго Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ*»*-абун. Гьеб хабаралдаса вохун Абумусацаги абуна: Валлагьи, бичасул авараг мун гIенеккун вукIин лъалеб букIарабани дица жегиги берцинаб гьаракьалъ

цIализе букIана Къуръан»-абун. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

**80. Дица Давуд аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **тIад ретIулеб ретIел гьабизеги лъазабуна рагъда ругеб мехалъ нужер черх цIунулеб.**

وَعَلَّمْنَٰهُ صَنْعَةَ لَبُوسٍ لَّكُمْ لِتُحْصِنَكُم مِّنۢ بَأْسِكُمْ ۖ فَهَلْ أَنتُمْ شَٰكِرُونَ ﴿٨٠﴾

Гьелде щвезегIан рагъухъабазухъ маххул я цоги магIданалъул хъарщал рукIунаан жалго цIунизе кодор кколел. Давуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ махх тамах гьабуна ва гьес гьабуна бищун цебе къолденги, тIагъурги ва цогидаб алатги. **Гьал нигIматал Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее кьураб мехалъ гьезда данде Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щукру гьабиларищ нужеца ва** гьев разилъи тIалаб гьабун гьесие гIибадат бацIцIад гьабун хьвадиларищ?

**81. Давудил вас Сулайман аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ мугIжизатлъун ва гьесие маслахIаталъе **Дица гьури квегъана, жиб кутакалда хех пулеб ва гьев Сулайманил** عَلَيْهِ السَّلَامُ **амруялдалъун** гьесие бокьараб бакIалда жиб хьвадулеб. **Жиндилъ баракат гьабураб Шамалъул ракьалда** жинца ахал-хурзал рижиялъе сабабги гьабулеб.

وَلِسُلَيْمَٰنَ ٱلرِّيحَ عَاصِفَةً تَجْرِى بِأَمْرِهِۦٓ إِلَى ٱلْأَرْضِ ٱلَّتِى بَٰرَكْنَا فِيهَا ۚ وَكُنَّا بِكُلِّ شَىْءٍ عَٰلِمِينَ ﴿٨١﴾

Гьенире накIкIал рачун, гъветI-хер цоцаде гьурщун (опиление гьабун). Шамалъул ракь букIана Сулайман аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ватIанги, гьесул ханлъиялъул аслуги. **Дица гьабулеб кинабго жо гьелъул хIикмат лъан гьабулев ва дир махлукъаталъул маслахIатал дида лъалевги вуго Дун.**

**82. ЩайтIабаздаса цо къокъаги квегъана дица Сулаймание** عَلَيْهِ السَّلَامُ, **гьесие жавгьарал ва луълуал балагьизе ралъдалъ жанир тIерхьулел ва гьел гурел цогиги хIалтIаби Сулаймание** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьарулел.** Гьел щайтIабаца кIудиял шагьарал ва берцинал кIалгIаби ралел рукIана. **Ва дица гьел щайтIаби Сулаймание мутIигIлъун чIезаруна,** гьесул амруялда гIасилъиялдаса дица гьел цIунана. Сулайман авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьез жиндие зарал гьабиялдасаги цIунана.

وَمِنَ ٱلشَّيَٰطِينِ مَن يَغُوصُونَ لَهُۥ وَيَعْمَلُونَ عَمَلًا دُونَ ذَٰلِكَ ۖ وَكُنَّا لَهُمْ حَٰفِظِينَ ﴿٨٢﴾

Жинда Аллагь разилъаяв СагIид ибну Жабиридаса бицараб хIадисалда буго: *«Сулайман аварагасе* عَلَيْهِ السَّلَامُ *лъабкъоазарго тах лъолеб букIана жидеда тIад гIодор чIолеб. Гьел тахазда тIад Сулайманида аскIор муъминал гIадамал чIолел рукIана, гьезда хадур муъминал жундул*

*чIолел рукIана. Цинги гьезда тIаде рачIун хIанчIаз гьесие рагIад гьабулеб букIана ва гьуриялда амру гьабун, гьелъ Сулаймание бокьараб бакIалдаги рачунел рукIана»*-абун. Х1адис Х1акимица кьуч1аблъун бицана.

*وَأَيُّوبَ إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُۥٓ أَنِّى مَسَّنِىَ ٱلضُّرُّ وَأَنتَ أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ﴿٨٣﴾

**83. Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ. Гьес жиндир БетIергьанасда ахIараб гIуж рехсе, гьесие хIелун ва мутIигIлъун: «Х1акълъунго дида къварилъи хъатIун буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Мун цIакъ гурхIулев вуго,** дур гурхIел- рахIмуялда буго дир хьул ва божи»-абун.

Гьав Аюб عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ румазул авараг вукIана. Гьесул кIудияб хъизанги, лъикIаб бечелъиги букIана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул хIалбихьи гьабун васал хвезегьаруна, Аюбица сабро гьабуна. Цинги гьесул бечелъи тIаса инабуна гьелдаги гьес сабро гьабуна. Хаду гьесда тIад унти-щокълъи биччана, гьелдаги Аюбица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ сабру гьабуна. Гьесул хIал бихьараб мехалъ ва гьесда тIад рачIарал балагьалги рихьараб мехалъ, жиндир къавмалъул капурал гIадамаз абуна: «Гьаб къварилъи- балагь Аюбида тIаде бачIараб буго гьес гьабураб кIудияб мунагь сабаблъун»-абун. Гьеб мехалъ гьарана Аюбица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ жиндаса унти борхе абун. Гьеб гьариги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бугеб къварилъи загьир гьабун ва «Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхIулев вугоян» абун гурони, жиндаса унти-балагь тIаса босеян абун загьираб гьари гьабун гьабичIо.

فَٱسْتَجَبْنَا لَهُۥ فَكَشَفْنَا مَا بِهِۦ مِن ضُرٍّ وَءَاتَيْنَٰهُ أَهْلَهُۥ وَمِثْلَهُم مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنْ عِندِنَا وَذِكْرَىٰ لِلْعَٰبِدِينَ ﴿٨٤﴾

**84. Дица Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дугIаялъе жаваб гьабуна ва гьесда букIараб унти тIаса босана. Ва дица гьесие агьло- хъизан кьуна ццере рукIарабгIан къадар, гьелгун цадахъ цоги гьедиг1анабго къадарги кьуна. Гьеб иш дица гьабуна дир рахъалъан Аюбие عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ бугеб рахIматлъун ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавурал муъминзабазе вагIзалъун букIине.** Гьез къварилъиялда саброги гьабизе.

Муъминзабазда ракIалда щвараб мехалъ Аюб аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ щвараб хIалбихьи ва гьес гьабураб берцинаб саброги, гьезие т1ад бачIараб къварилъи бигьалъула ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалда хьулги цIик1кIула.

Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къварилъабазда жаниб анцIила микьго сон бана. Гьесда гурхIун цо нухалъ чIужуялъ абуна: «Дуца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарулебани гьеб къварилъи тIаса босеян»-абун. Аюбица абуна: «Нилъеца сах-саламат, рахIаталда ва нигIматазулъ чан сон бан

букIараб?»-абун. ЧIужуялъ абуна: «Ункъого сон бан букIана»-абун. Аюбица абуна: «Дун Аллагьасдаса ﷻ нечола гьедигIаналго сонал къварилъиялда жанир инчIого гьесда гьаризе»-абун.

Ибнукасирица абуна: Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ кинабго боцIи-малги, лъимал-хъизанги тIагIиндал ва гьев унтун босадеги ккедалго, Аюб عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ киналго гIадамазда кIочон тана, цохIо жиндир чIужуялда хут1изег1ан. БетIергьанас къадар гьабураб мех щведалго Аллагьас ﷻ гьесдаса унти борхана, цебе букIарабго боцIи-малги кьуна лъималги гьаруна. Цо гIалимзабаца абуна: Аюбида عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас ﷻ вахIю гьабуна: «Дур лъимал алжаналда жанир руго. Дуе бокьани чIаго гьарун гьел кьела дуе, бокьани гьелги алжаналда тун цогиги лъимал кьела дуе»-абун. Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Дица гьел лъимал алжаналда жанир тела»-абун. Цинги Аллагьас ﷻ гьесие гьедигIаналго васал ва ясал кьуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«ТIадегIанав Аллагьас Аюб авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ сах гьавураб мехалъ гьесда тIаде меседил гарцIазул цIад базабуна. Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьел гарцIал росун жиндир ретIелалъулъ лъолел рукIана. Гьесда Аллагьасул ﷻ рахъалъан абуна: «Я Аюб! Мун гIорцIун гьеч1ищ дуе кьураб магIишаталдаса»-абун. Аюбица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дур рахIматалдаса гIорцIулев чи щив вукIунев?»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِدْرِيسَ وَذَا ٱلْكِفْلِ كُلٌّ مِّنَ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿٨٥﴾

**85. ИсмагIил аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ, Идрис аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва Зулкифлил къисаги бице МухIаммад ﷺ дуца, дур къавмалъе вагIзалъун. Гьел киналго жидеца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялъулъ сабро гьабурал лъикIал гIадамаздаса рукIана.**

Жидеда тIад къараб Аллагьасул ﷻ рисалат тIобитIулел ва гьеб сабаблъун жидеда щвараб къварилъиялда сабро гьабулел рукIана.

وَأَدْخَلْنَٰهُمْ فِى رَحْمَتِنَآ إِنَّهُم مِّنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٨٦﴾

**86. Дица гьел киналго дир рахIматалъулъ лъугьизаруна.**

Хира гьариялъул ва нигIматазул рукълъун бугеб алжаналда лъугьизаруна. **Х1акълъунго гьел рукIана гурхIел- цIобалъул ва лъикIлъи гьабиялъул агьлу.**

Гьав Зулкифли авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вук1анин абуна цо гIалимзабаца. Гьезул далилги буго гьесул цIар Аллагьас ﷻ аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьоркьоб рехсон букIин. Цоги гIалимзабаца абуна: гьев бануисраилазул гIибадат

гІемер гъабулев, гІадилав чи вукІанин-абун. Ибну ХатІибица абуна: цо гІалимзабаца абулеб буго гьев Будда вугин-абун: «Буддизма» абулеб дин гъабулел гІадамазул бетІерлъун (цевехъанлъун) вугев ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гІибадат гьабиялда халкъ ахІулев вукІарав. Гьеб къавм гьесие мутІигІлъун букІана, хадуб жидеца гьев Аллагьлъун ккун, гьесие гІибадат гьабизе лъугьана ва гьесул цІаралда хъанчалги гьаруна.

**87. Зу-ннунил къисаги ракІалда щвезабе МухІаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дуца. Гьев Зу-ннуни عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир къавмалда щцим бахъун гьезда гьоркьосан нахъе араб гІуж рехсе.** Гьев вуго Юнус авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ. Гьес къавм Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда ахІараб мехалъ гьез Юнусие عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гІазаб-къварилъи гьабилин абун хІинкъи кьуна. Гьеб къавмалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин босулеб гьечІин, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин сабаблъун гьезда щцим бахъун ана Юнус гьезда гьоркьосан.

وَذَا ٱلنُّونِ إِذ ذَّهَبَ مُغَٰضِبًا فَظَنَّ أَن لَّن نَّقۡدِرَ عَلَيۡهِ فَنَادَىٰ فِي ٱلظُّلُمَٰتِ أَن لَّآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنتَ سُبۡحَٰنَكَ إِنِّي كُنتُ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ٨٧

Цо гІелму- лъай гьечІел ахІмакъал гІадамаз гьаб рагІиялъе тафсир гьабун буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ щцим бахъун ана Юнус, عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьес жиндие кквербакъи хех гьабичІогоян абун. Гьадинаб рагІи абизе бегьуларо ва аваргзабазда гІунтІизабун гьереси бицине бегьуларо. **Гьев Юнусида ракІалда ккана дица жиндие къварилъи ва хІал бихьи гьабиларин абун.** Къуръаналда хъван буго ﴿لَّن نَّقۡدِرَ﴾ абураб рагІи. Пагьму загІипал, гІакълу дагьал гІадамазе гьеб рагІиялъул магІна бич1чІула: «Юнусида ракІалда ккана жинда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хІал кІолароян»-абун. Гьадинаб пикру Аллагьасул хІакъалъулъ гьаби бусурманчиясе бегьулареб, гьев купруялда иналде х1инкъараб рагІи буго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир хІалкІолъи кинабго жоялда гІамлъарав вуго;-гьесие щиб жо бокьаниги гьеб жо букІуна ва лъугьуна. Бусурманчиясул ракІалда ккезе бегьулареб жо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ халкъалда гьоркьосан вищун, гьездасан тІокІ гьавун, авараглъун гьавурав чиясул ракІалда ккезе кин бегьулеб? Доб рагІиялъул магІна буго къадар гьаби, хІукму гьаби, къварилъи гьаби, цо жо дагь гьаби абураб.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугІаббас МугІавият асхІабасухъе араб мехалъ МугІавиятица абуна: «Дун цІакъ гІажиз гьавун вуго Аллагьасул Къуръаналъ, дун гьелъул ралъдалъе тІерхьунев вуго ва дуца хвасар гьавуни гурони дие хвасарлъиги бихьулеб гьечІо»-абун. ИбнугІаббасица абуна: «Щиб жоха бугеб мун гІажиз гьавураб?»-абун. МугІавиятица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Аллагьасул авараг Юнусида عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ракІалда ккун букІиналъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ жинда хІал кІоларин»-абун. ИбнугІаббасица абуна:

Гьеб рагІиялъул магІна гьечІо «хІалкІолъи»-абураб, гьелъул магІна буго «къварилъи ва хІал бихьи» гьабуларо абураб.

Гьаб магІна букІиналда тІоритІел гьабулеб буго гьалда хадуб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб рагІиялъ. (88 абилеб аят ва гьелъул тафсир ц1але). ТІадегІанав Аллагьас Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ халкъалъул цІураб гамидаса ралъдалъе кІанцІизавуна: гама гъанкъиялда хІинкъараб мехалъ можоро тІамун ва можораялъе Юнус къун. Гьеб мехалъ Юнус кІудияб ччугІил чохьонив ккезавун, гьенив жанив чІаго хутІизавуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Гьеб хІалалда ккарав Юнусида бич1чІана жинца сабру гьабизе кколеб букІараблъи ва жив хехлъун вукІин къавмалдаса ватІалъизе, жиндие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан изно бачІинегІан чІечІого:

**Цинги жив цІакъ кІудиял бецІлъабазулъ ккараб мехалъ:** Сардил бецІлъи, ралъадалъул бецІлъи ва ччугІил чохьониб бугеб бецІлъи, **Юнус аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ахІи гьабуна: «Мун гурев цоги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьечІо я дир БетІергьан! Мун цІакъ вац1цІадав ва ТІадегІанав вуго. Дун дир напсалъе зулму гьабуравлъун ккана»-абун.**

Гьаб буго жидее пашманлъи-къварилъи ккарал гІадамаз гІемер абизе рекъарб рагІи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хІадисги буго цо ургъалилъ ккарав чияс гьаб дугІа гьабуни, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесдаса ургъел борхилин абун.

فَٱسۡتَجَبۡنَا لَهُۥ وَنَجَّيۡنَٰهُ مِنَ ٱلۡغَمِّۚ وَكَذَٰلِكَ نُـۨجِي ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٨٨

**88. Дица гьев Юнус аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ жаваб гьабуна ва гьев ургъалидаса хвасарги гьавуна.**

ЧчугІил чохьониса къватІив рехун ралъдал рагІалде рехана. Гьенивги жиндие дарулъун ва рагІадлъун бугеб хъабхъил тІанхазда гьоркье ккезавуна. **Гьадин хвасар гьарула дица дида иман лъурал ва дидаса кумек ва квербакъи тІалаб гьабурал муъминзаби.**

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Юнус аварагасул къиса цоги сураталда дагьаб гІатІидго бицун буго(сурату ссафати, сурату нун).

Жинда Аллагь разилъаяв СагІд ибну Аби Вакъасидаса бицараб хІадисалда буго: *«Дида бичасул расулас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абулеб рагІана: «Исмуллагьил агІзам» (Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кІудияб цІар) буго Юнус аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ дугІа: жиндалъун гьарараб жо кьолеб ва жиндалъун гьабураб дугІаялъе жаваб гьабулеб»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

وَزَكَرِيَّآ إِذۡ نَادَىٰ رَبَّهُۥ رَبِّ لَا تَذَرۡنِي فَرۡدٗا وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلۡوَٰرِثِينَ ٨٩

**89. Закария аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисаги рехсе МухІаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дуца умматалъе вагІзалъун. Гьев Закарияца жиндир БетІергьанасда جَلَّجَلَالُهُ ахІараб**

**гIуж рехсе: «Я дир БетIергьан Аллагь ﷻ! Дуца дун зурият гьечIого цогоявлъун тоге».**

Дир авараглъи ирсалъе босулев вас кье дие. **Жидеца ирс босулезул мун бищунго лъикIав вуго.** Ва кинабго жо ахирги дуде буссине буго. Гьаб дугIа гьабулеб мехалъ Закариял нусго сон букIана, гьесул чIужуялъулги гьелда гIагарун сонал рукIана.

Ал-алуси абулев гIалимас абуна: Закария аварагасул عليه السلام (ирс босулезул мун бищунго лъикIав вуго) абураб рагIиялъулъ ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьаби буго гьев жив холарев, даимго нахъе хутIулев вукIин бициналдалъун. Аллагь ﷻ гуреб жо паналъулеб букIиналда ишараги буго, гьев Аллагьасул ﷻ гурхIел рахIмо жинда щвеялъе пал тIамиги буго (хьул лъей).

**90. Дица гьев Закариял عليه السلام дугIаялъе жаваб гьабуна ва гьесие дир рахъалъан сайгьатлъун ЯхIя аварагعليه السلام кьуна. Дица Закариял чIужуги жинца лъимер гьабулейлъун гьаюна.**

فَٱسْتَجَبْنَا لَهُۥ وَوَهَبْنَا لَهُۥ يَحْيَىٰ وَأَصْلَحْنَا لَهُۥ زَوْجَهُۥٓ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ يُسَٰرِعُونَ فِى ٱلْخَيْرَٰتِ وَيَدْعُونَنَا رَغَبًا وَرَهَبًا ۖ وَكَانُوا۟ لَنَا خَٰشِعِينَ ﴿٩٠﴾

Гьей жегиги лъимер гьабичIей йикIана. ИбнугIаббасидаса бицараб цо рагIиялъулъ буго: «Гьей жиндир мацI халатай, гIамал квешай йикIана, гьелдасан хадуй жиндир гIамал берцинай лъугьана»-абун.

**Х1акълъунго Дица жидер дугIаялъе жаваб гьабурал аварагзаби عليهم السلام рукIана Дир амру тIубазе ва лъикIаб гIамал гьабизе жал гIедегIулел. Дир алжаналда хьул лъун ва дир гIазабалдаса хIинкъун гIибадат-дугIаги гьабулеб букIана, гьал аварагзаби عليهم السلام жидер загьираб ва батIинаб гIамалалъулъ дие хIелулел, мутIигIлъулел ва дидаса хIинкъулел рукIана.**

**91. Гьединго дуца рехсе МухIаммад ﷺ жинца напс къабихIаб жоялдаса цIунарай Марьямил къисаги. Дица амру гьабун Жабраил малаикас жиндир черхалда хIухьел пурай ва гьелдалъун къинай лъугьун ГIиса авараг عليه السلام гьавурай. Дица гьей Марьямги, гьелъул вас Г1исаги عليه السلام кинабниги гIаламалъе гIаламатлъун гьаруна, жинца дир хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулеб ва гьелдалъун вагIза насихIатги букIунеб.**

وَٱلَّتِىٓ أَحْصَنَتْ فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيهَا مِن رُّوحِنَا وَجَعَلْنَٰهَا وَٱبْنَهَآ ءَايَةً لِّلْعَٰلَمِينَ ﴿٩١﴾

**92. Х1акълъунго гьаб Аллагь цо гьавун, гьесие гIибадат бац1цIад гьабун гьабулеб дин буго, я гьал гIадамал, нуж киназулго**

إِنَّ هَٰذِهِۦٓ أُمَّتُكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَأَنَا۠ رَبُّكُمْ فَٱعْبُدُونِ ﴿٩٢﴾

**цогояб дин.**

Нуж киназго гьабизе тIадаб ва жиндилъ хилиплъизе бегьулареб. Гьеб буго исламияб дин, киналго аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ жиндалъун ритIараб, киналго тIахьаздаги жиб бицараб. **Дунги нуж киназулго БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.** Нуж киналго дица рижарал руго, дир лагъзалги руго дир мулкги буго, ва дун гурев цоги БетIергьан нужее гьечIо, нужее лъикIлъи гьабизе яги зарал гьабизе кIолев. **Гьаб амру гьадин бугелъул нуж киназго лагълъи цохIо дие гьабе!**

وَتَقَطَّعُوٓا۟ أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ ۖ كُلٌّ إِلَيْنَا رَٰجِعُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Ва амма гIадамал дир амруялда гIасилъана, ва жидер диналъулъ гIемер батIи-батIиял къукъабазда рикьана.**

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бац1 цIад гьабулеб буго бищунго дагьаб къокъа. Цогидал къокъаби цоял Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда ва гьесие гIибадат гьаби тIадаб букIиналда жидеца инкар ккурал руго. Цоял мушрикал руго, жидеца цIаялъе, бакъалъе, хIайваназе лагълъи гьабулелги руго. **Гьел киналго къокъаби ахираталда дида руссулел руго** ва дица щивав чиясе гьесул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

Ар-рази абулев гIалимас абуна: жидеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе тIадаб дин бикьана жидеда гьоркьоб: гIарац-месед, боцIи-мал бикьулеб гIадин ва хIакъикъияб дин гьабиги кIочон тана, жалги батIи-батIиял жамагIаталлъун ва къокъабилъун лъугьанин-абун.

فَمَن يَعْمَلْ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا كُفْرَانَ لِسَعْيِهِۦ وَإِنَّا لَهُۥ كَٰتِبُونَ ﴿٩٤﴾

**94. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, гьесул аварагасда нахъ вилъун лъикIаб гIамал гьабурасул гIамал гIадада хвезе гьечIо ва гьеб лъикIаб гIамалалъул жазаъ гьесие мукъсан гьабизе гьечIо. Х1акълъунго Гьесул кинабго гIамал дир малаикзабаз хъвалеб буго ва нахъе цIунулеб буго.**

وَحَرَٰمٌ عَلَىٰ قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَٰهَآ أَنَّهُمْ لَا يَرْجِعُونَ ﴿٩٥﴾

**95. Дица жал гьалаг гьарурал росабазул агьло дунялалда тIад руссунаро къиямасеб къо чIезегIан.**

Хун хадуб гьел ахираталда гурого тIаде рахъизаруларо. Гьаб аяталъул магIна буго: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабизе бугеб хIукму ва къадар тIаде щвараб мехалъ гьеб гIазаб тIаса борхуларин абураб. Гьедин бугелъул Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун гьесие гIибадат бацIад гьабун хьвадизе ккола гьесул ццим бахъи ва

гIазаб жидеде щвезе бокьичIел гIадамал.

**96. Яъжуж маъжужалда гьоркьоб гьабураб сангар рагьун гьеб къавм щибаб гохI-щобалдаса чвахун рачIунеб мехалъ.**

حَتَّىٰٓ إِذَا فُتِحَتۡ يَأۡجُوجُ وَمَأۡجُوجُ وَهُم مِّن كُلِّ حَدَبٖ يَنسِلُونَ ٩٦

Жидер гIемерлъиялъ гьел чвахун бачIунеб гIоралъул сураталда рачIула, майданлъи, эхеде рег1ел бугеб бакIалдаги цоял цоязда тIаде рахун, цояз цоял мерхьун церехун унел рукIула, жидер нухда батанщинаб жо пасат гьабулаго. Гьел араб ракьалда тIад щибго рухI бугеб жо яги гъвет1-хер хутIуларо. Гьаб къавм къватIибе бахъиги къиямасеб къо цIакъго гIагарлъун букIиналъе гIаламат буго. Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**97. Къиямасеб къо чIеялдалъун бугеб хIакъаб къотIиги гIагарлъараб мехалъ.**

وَٱقۡتَرَبَ ٱلۡوَعۡدُ ٱلۡحَقُّ فَإِذَا هِيَ شَٰخِصَةٌ أَبۡصَٰرُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ يَٰوَيۡلَنَا قَدۡ كُنَّا فِي غَفۡلَةٖ مِّنۡ هَٰذَا بَلۡ كُنَّا ظَٰلِمِينَ ٩٧

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудица абуна: яъжуж маъжуж загьирлъун хадуб къиямасеб къо бачIин гIадамазда гIагарлъун букIуна лъимер гьабизе мех щварай чIужуг1аданалъул мисалалда. Щибаб лахIзаталъ гьеб лъимер гьабиялъе унти чIвазе бегьулеб гIадин, къиямасеб къо чIейги гьеб мехалъ релъедалги къадги жиб тIаде бачIиналда божи гьеч1еб букIуна. **Гьеб къиямасеб къо бачIараб мех буго жинца капурзабазул берал гIачIихинарулеб заман.** Рагьараб бер данде бачизе кIоларого, гьеб добе- гьаниб буссинабизе кIоларого жал хутIулеб. Гьел капурзабацаги абула: **«Вай нижее бугеб къварилъи! Ниж гьаб къо бачIиналда божуларел, гьелдаса гъапулал ва гьелда дандчIвай гьабизе хIадуричIел, ниж нижерго нафсазе зулму гьабураздаса рукIана»**- абун. Нижехъе авараг ﷺ вачIараб мехалъ, гьес нижее гьаб къоялдалъун хIинкъиги кьураб мехалъ, ниж гьесда гIенеккичIо. Т1адег1анав Аллагьас гьеб капураб къавмалда хит1аб гьабун абулеб буго:

**98. Х1акълъунго нужги, нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчалги жиделалъун жужахI боркьулеб цIул гIадин руго ва нуж киналго гьенир жанир рехизе руго.**

إِنَّكُمۡ وَمَا تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ حَصَبُ جَهَنَّمَ أَنتُمۡ لَهَا وَٰرِدُونَ ٩٨

ТIадегIанав Аллагьас гьал мушрикалги хъанчалги цадахъ рехсеялъул мурад буго гьез алагьзабилъун ккурал хъанчал щибго гьунар гьечIел

жал рукIин баян гьаби.

**99. Гьел хъанчал алагьзаби**
**рукIаралани жужахIалда жанир**
**рукIинароан. Жидее лагълъи гьабурал**
**ва жидеца лагълъи гьабуралги киналго**
**цадахъ даимго рукIинелъун жужахIалда лъугьизарула.**

لَوْ كَانَ هَٰٓؤُلَآءِ ءَالِهَةً مَّا وَرَدُوهَا ۖ وَكُلٌّ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٩٩

**100. Гьеб жужахIалда жаниб квешаб,**
**ракI унтун зигардулеб гьаракьги**
**букIине буго ва гьезда гьениб жаниб цоги щибго жо рагIуларо.**

لَهُمْ فِيهَا زَفِيرٌ وَهُمْ فِيهَا لَا يَسْمَعُونَ ١٠٠

**101. Х1акълъунго жидее дир рахъалъан**
**алжаналъул рохел бицарал муъминзаби**
**гьеб жужахIалдасан рик1кIад гьарурал**
**руго.**
Гьезда жужахIалъул бухIи хъваларо, гьелъул квешаб махIги чIваларо.

إِنَّ ٱلَّذِينَ سَبَقَتْ لَهُم مِّنَّا ٱلْحُسْنَىٰٓ أُو۟لَٰٓئِكَ عَنْهَا مُبْعَدُونَ ١٠١

**102. Жидеда цIаялъул гьелегьинги,**
**гьелъул гьаракьги рагIуларо ва гьел**
**муъминзаби алжаналда жанир жидеего**
**бокьараб нигIматазулъ рукIуна.**

لَا يَسْمَعُونَ حَسِيسَهَا ۖ وَهُمْ فِى مَا ٱشْتَهَتْ أَنفُسُهُمْ خَٰلِدُونَ ١٠٢

**103. Гьеб къиямасеб къоялъул кIудияб**
**хIинкъиялъ гьел пашман гьаруларо,**
гьезде гьеб хIинкъи бачIуларо.
**Алжаналъул рагьабазда гьезда**
**малаикзабаз дандчIвай гьабула ва гьезда**
**абула: «Гьаб буго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее къотIи гьабун букIараб, нуж**
**даимго рукIинелъун алжаналда лъугьинарулеб къо»-абун.**

لَا يَحْزُنُهُمُ ٱلْفَزَعُ ٱلْأَكْبَرُ وَتَتَلَقَّىٰهُمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ هَٰذَا يَوْمُكُمُ ٱلَّذِى كُنتُمْ تُوعَدُونَ ١٠٣

**104. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад**
صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Дица зобал сукIулеб гIуж, жинда**
**жо хъвараб кагъат сукIулеб хIалалъ.**
ГьедигIан бигьаго сукIула дица зобал
абураб магIна буго гьаб рагIиялъул.
**Дица нуж къиямасеб къоялъ тIаде рахъизарула нуж рижизе байбихьараб мехалъ рук1араб хIалалъ.** ТIаде ретIел гьечIого, хIатIида гIицIго ссунат гьабичIеллъун. **Гьаб буго дица дидаго тIад гьабураб къотIи ва х1акълъунго дица гьеб къотIи тIубазабула.**

يَوْمَ نَطْوِى ٱلسَّمَآءَ كَطَىِّ ٱلسِّجِلِّ لِلْكُتُبِ ۚ كَمَا بَدَأْنَآ أَوَّلَ خَلْقٍ نُّعِيدُهُۥ ۚ وَعْدًا عَلَيْنَآ ۚ إِنَّا كُنَّا فَٰعِلِينَ ١٠٤

**105. Х1акълъунго Дица Забуралда хъван**
**буго, гьелдасаги цебе ЛавхIул-махIфузалда**
**хъван бугеб хIалалъ: «Дица алжан**
**ирсалъе къезе буго дун цо гьавун дир**

وَلَقَدْ كَتَبْنَا فِى ٱلزَّبُورِ مِنۢ بَعْدِ ٱلذِّكْرِ أَنَّ ٱلْأَرْضَ يَرِثُهَا عِبَادِىَ ٱلصَّٰلِحُونَ ١٠٥

**аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIухъ гьарун хьвадарал муъминзабазе»-абун.** Давуд аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ рештIараб Забуралдаги, хадуб Тавраталда ва Инжилалдаги хъван буго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул умматалъул муъминзаби алжаналда рукIине руго абун. Цоги г1алимзабаца абуна дунялалъул ракьги ахир заманаялъ муъминзабаца ирсалъе босизе бугин, ахираталда алжанги гьез ирсалъе босизе бугин абун.

**106. Х1акълъунго Гьаб сураталда жаниб** إِنَّ فِي هَٰذَا لَبَلَٰغًا لِّقَوۡمٍ عَٰبِدِينَ ﴿١٠٦﴾ **бицараб аварагзабузул къисабазулъ, къиямасеб къоялъул хабаралъулъ ва алжан-жужахIалъул хабаралъульги вагIза буго, ва гIибрат босизе, кантIизе гIураб тIоритIелги буго Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъурал, гьесие мутIигIлъун гьесул аварагзабазда** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **нахърилълъун гIибадат гьабулел гIадамазе.**

**107. Дица мун витIун гьечIо** وَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ إِلَّا رَحۡمَةً لِّلۡعَٰلَمِينَ ﴿١٠٧﴾ **МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, кинабго гIаламалъе рахIматлъун гурони.**

ГIадамазеги, жундузеги, бусурбабазеги, капурзабазеги, дунялалдаги ахираталдаги, рах1матлъун вуго хирияв Мух1аммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вуго дунял ахираталъул кIудияб бахьибуголъиялдалъун жив витIарав, къиямасеб къоялъул балагьаздаса ва абадияб бахьикъосиялдаса гIадамал ва жундул хвасар гьарулевлъунги жив витIарав. Гьев аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ иман лъеялдалъун гIемераб лъикIлъи ва кIодолъи щола муъминзабазе дунялалдаги ахираталдаги. Жиндир уммат жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса иманалъул ва гIелмуялъул нуралда тIобитIана МухIаммад аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ. Купру-ширкалъулъ къосиналъулъ букIараб уммат хIакъаб исламияб диналдаги тIобитIана. Гьев хирияв авараг кинабго гIаламалъе рахIматлъун лъугьана.

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъарал, купру-ширк гьабурал гIадамазеги рахIматлъун вуго гьев Мух1аммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ: цересел умматал гIадин гьесул уммат гьалаг гьабичIо гьез кигIан кIудияб пасалъи ва зулму гьабуниги, гьезие гIазаб гьаби Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нахъбахъун тана, гьезул маймалакал болъонал гьаричIо, гьел тIупан тIун гьанкъизаричIо, цIа речIун рухIичIо, ракьалъги къулч1ич1о. ХIатта рухI бугеб ва рухI гьечIеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъаталъеги рахIматлъун вуго хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ. Гьев аварагасда нахъвилъарав чи жиндир тIабигIат-гIамал берцинав вукIун, жиндир гурхIел цIоб бугев вукIун, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъаталъе лъикIлъи гьабиялда гьесарав вукIула, гьелъие

зарал гьабиялдаса нахъчIваравги вукIула.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: *«Я расулаллагьи! Гьал мушриказе квешаб дугIа гьабе дуца»-абун. Аллагьасул аварагас* ﷺ *абуна: «Дун Аллагьас умматалъе рахIматлъун витIун вуго, гьезие лагIнат кьолевлъун витIун гьечIо»*-абун. Х1адис ибну Г1асакирица бицана.

Гьев хирияв аварагас ﷺ жинда нахърилълъарал муъминзаби дунялалъулги ахираталъулги балагьаздаса ва гIазабалдаса цIунана, жинда инкар ккурал ва жив гьереси гьавурал инкарчагIи дунялалдаго гIазаб гьабун, гьалаг гьарун тIагIинариялдасаги цIунана. Муъминзабазда дунялалда рачIулел къварилъаби ва балагьал руго гьезул мунагьал сабаблъун гьез Аллагьасул амру-нагью теялдалъун, гьел Аллагьасда ﷻ гIасилъиялдалъун гьезие гьабулеб гIазаб. Гьез тавбо гьабураб мехалъ ва жидер мунагьаздаса гьелги рикIкIалъараб мехалъ, Аллагьас ﷻ гьездаса къварилъи- балагь тIаса босула.

قُلْ إِنَّمَا يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَٰحِدٌ فَهَلْ أَنتُم مُّسْلِمُونَ ﴿١٠٨﴾

**108. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: «Х1акълъунго дида Аллагьас ﷻ вахIю гьабун буго жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагь цохIо Аллагь ﷻ вуго»-абун.**

Гьесие гIахьалчагIи гьечIо. Нужеца гIибадат гьабулел хъанчалги гьересиял алагьзаби руго. **Нужеца гьев Аллагьасда ﷻ иман лъеларищ ва нуж гьесул амруялъе мутIигIлъуларищ?** Нуж Аллагьасе ﷻ мут1иг1лъе, я гьал г1адамал.

فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَقُلْ ءَاذَنتُكُمْ عَلَىٰ سَوَآءٍ وَإِنْ أَدْرِىٓ أَقَرِيبٌ أَم بَعِيدٌ مَّا تُوعَدُونَ ﴿١٠٩﴾

**109. Цинги гьел мушрикал Аллагь ﷻ цо гьавиялдаса руссани ва дуе мут1иг1лъичIони, дуца гьезда абе: дица нужеда хIакъаб жо лъазабуна киназдаго гIам гьабун. Ва дида лъаларо Аллагьас ﷻ нужее гIазаб гьаби ва къиямасеб къо бачIин г1агардайщ бугеб яги рик1к1адищ бугеб -абун.**

Гьеб бачIине букIин хIакъаб буго ва нужер гIамалалда рекъараб жазаъ нужее гьабизеги буго.

إِنَّهُۥ يَعْلَمُ ٱلْجَهْرَ مِنَ ٱلْقَوْلِ وَيَعْلَمُ مَا تَكْتُمُونَ ﴿١١٠﴾

**110. Х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго нужеца загьир гьабун бицулеб хабарги ва нужеца бальго, нужедаго гьоркьоб бицулеб хабарги.**

Гьесда щибго жо балъго хутIуларо ва гьесул хIисаб- мизаналдаса щибго жо борчIун кколаро.

**111. Ва дида лъаларо ТIадегIанав Аллагьас нужее гIазаб гьабичIого тей нужер хIалбихьи батизе бегьула ва нуж купру-ширкалъулъ халат гьарун, гьелда данде нужее гIазаб цIик1кIиналъеги батила. Нужее гIазаб гьабизе къадар гьабураб гIуж щвезегIан бугеб рахIат ва нигIмат буго гьаб дунялалъул чIаголъи.**

وَإِنْ أَدْرِي لَعَلَّهُۥ فِتْنَةٌ لَّكُمْ وَمَتَٰعٌ إِلَىٰ حِينٍ ﴿١١١﴾

**112. Аварагас ﷺ абуна: «Я нижер БетIергьан! Дуца гьаб купру-ширкалъул къавмалда гьоркьобги ниж муъинзабазда гьоркьобги битIараб, гIадилаб хIукму гьабе. Нижер гурхIел цIоб кIудияв БетIергьан нижее квербакъи гьабулев вуго нужер купру-ширкалда ва нужер гьересиял алагьзабазде дандеги.**

قَٰلَ رَبِّ ٱحْكُم بِٱلْحَقِّ ۗ وَرَبُّنَا ٱلرَّحْمَٰنُ ٱلْمُسْتَعَانُ عَلَىٰ مَا تَصِفُونَ ﴿١١٢﴾

Нижер таваккал тIами гьев БетIергьан Аллагьасда буго, кинабго квер бакъи ва бергьенлъиги гьев Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ буго»-абун.

Т1адег1анав Аллагьасул квер бакъиялдалъун суратул Анбияъалъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

## 22. Суратул Х1аж

سُورَةُ الحَجِّ

*Мадинаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила микьго аят бугеб.*

*Гьаб сурат Мадинаялда рештIинабураб бугелъул, гьалда жаниб шаргIиял хIукмабазул бицен буго. Гьедин бугониги Аллагь* جَلَّ جَلَالُهُ *цо гьави, гьесие гIибадат бац1цIад гьаби, ахираталъул хабар бициналъги гьалда жаниб гIураб бакI ккун буго. ШаргIиял ахIкамаздаса хIажалъул ва жигьадалъул х1укму бицун буго.*

*Сураталъул байбихьи, жинца ракIал хIинкъизарулеб, къиямасеб къоялъул гIаламатлъун бугеб, кутакаб ракь багъари бициналдалъун гьабун буго. Хадуб, хун хадур тIаде рахъинариялъул ва къиямасеб къоялъ Т1адег1анав Аллагьас халкъалъул хIисаб-мизан гьабун жазаъ гьабизе букIиналъулги бицун буго.*

*Сураталда жаниб хъанчие лагълъи гьабулел мушриказул ахIмакълъи ва гьезул алагьзабазул щибго жо гьабизе гьунар гьечIеблъиги бицун буго.*

*Сураталда цIар лъун буго Х1ажалъул бицунеб сурат абун. Ибрагьим* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *халилас кагIба рукъ бан лъугьараб мехалъ, Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *амруялдалъун кинабго гIаламалда ахIи бана Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *хIаж тIад гьабун бугин нужедаян абун. Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *хIалкIолъиялдалъун гьеб ахIи кинабго гIаламалда рагIана, жегиги гьарун гьечIел, инсанасул гьодринир ругел заррабаздаги рагIана ва Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *иманалда тIоритIарал, жидеца хIаж гьаби къадар гьабурал муъминзабаца гьеб ахIиялъе жавабги гьабуна: «Лаббайка ллагьума лаббайк»-абун.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Я гьал гIадамал! Нуж БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа!** Нуж гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъе! Гьесул амру-нагью тIубазабе, шаргIалъул гIорхъабиги цIуне.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱتَّقُواْ رَبَّكُمۡۚ إِنَّ زَلۡزَلَةَ ٱلسَّاعَةِ شَيۡءٌ عَظِيمٞ ١

Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа абураб рагIиялъе магIна гьабуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабе абураб жо гьабичIого тоге ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабугеян абураб жоги гьабуге»-абун. **ХIакълъунго къиямасеб къо чIелелде**

**ццебе букIунеб ракь багъари цIакъ кIудияб гучаб амру буго ва жиндир бицине лъалареб хIинкъи-къварилъиги буго.**

يَوْمَ تَرَوْنَهَا تَذْهَلُ كُلُّ مُرْضِعَةٍ عَمَّآ
أَرْضَعَتْ وَتَضَعُ كُلُّ ذَاتِ حَمْلٍ حَمْلَهَا
وَتَرَى ٱلنَّاسَ سُكَٰرَىٰ وَمَا هُم بِسُكَٰرَىٰ
وَلَٰكِنَّ عَذَابَ ٱللَّهِ شَدِيدٌ ٢

2. **Гьеб ракь багъари бихьараб мехалъ ва гьелъул хIинкъиги тIаде щвараб мехалъ, каранда лъимер хахулей эбелалъе гьеб лъимер кIочон тола.** Бищунго дунялалда тIад хирияб жо буго эбелалъе жиндир каранда хахулеб лъимер. Гьеб лъимерги кIочон гьелда кIалдисан керенги бахъун, эбел жиндир напсалъ машгъул гьаюлеб амру цIакъ кIудияб иш букIинарищха.
**Ва щибай къинай чIужуялъ жиндир чохьониб бугеб, жиб гьабизе мех щвечIеб лъимерги гIодобе рехулеб къо буго гьеб. Гьеб къоялъ дуда гIадамал рихьизе руго жал мехтун ругел гIадин** гIакъло гьечIого, черх кквезе кIоларого. **Гьел мехтун рукIунаро.** Гьел рукIула хIинкъиялъул гучалъ гIакъло инзабун. **Кинниги Аллагьасул ﷻ гIазаб гучаб буго.** Жидеда тIаде гIазаб щолеб букIин лъараб мехалъ рукIуна гIадамал гьединаб хIинкъиялъулъ ва чара тIагIиналъулъ.
Ибнужаририца жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб «Ссуралъул» хIакъалъулъ бугеб халатаб хIадисалда жаниб буго:
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьас зобал- ракьал рижун тIубараб мехалъ «Ссур»-ги бижана ва гьеб Исрафил малаикасухъ кьуна. Гьев Исрафил жиндир кIалалда цебе Ссурги ккун Аллагьасул ﷻ гIарщалдехун бералги балагьун, гьел берал къапичIого чIун вуго кидадай жинда гьеб ссуралъуб пуйян амру гьабилебин абун. Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Щиб жо бугеб гьеб ссур?»-абун. Аварагас ﷺ абуна: Гьеб буго кIудияб лълъар, жинда жаниб лъабго нухалъ пулеб. Т1оцебесеб пуй букIуна жинца халкъ хIинкъизабулеб. КIиабилеб пуй букIула жинца кинабго рухI бугеб жо хвезабулеб лъабабилеб пуй букIуна кинабго гIалам гIарасат майданалда БетIергьан Аллагьасда ﷻ цере чIезе рахъинарулеб.*
*ТIадегIанав Аллагьас Исрафил عليه السلام малаикасда амру гьабула тIоццебесеб ссуралъуб пуй абун: «Дуца пуй жинца халкъ хIинкъизабулеб пуялъ»-абун. Гьеб гьаракь рагIарабго зобалаздаги ракьаздаги бугеб агьло хIинкъула, Аллагьасе ﷻ бокьун гьес хIинкъиялдаса цIунарав чи хутIизегIан. Гьеб пуй Аллагьасул ﷻ амруялдалъун халат бахъизабула ва нахъаса къотIизе гьечIо абун кколеб хIалалъ букIула. Гьеб гьаракьалъ*

*мугIрул гIодоре рортизарун ракьлъун лъугьула. Ракьги багъарулеб букIуна ралъдаде тIаде бугеб гама кутакал карачелаз къапезабулеб гIадин, яги кварида делизабураб чирахъ гьороца хьвагIизабулеб гIадин.*

*Гьаб ракьалда тIад гIадамалги гIодоре ккола, эбелалда каранда букIараб лъимер кIочона, къинай чIужуялъ чохьониб букIараб лъимерги реххула, гIисинал лъималги хъахIрас баккун хералчагIазда релълъуна, жидер гIакъло ун мехтарал чагIи гIадин гIадамалги хутIула, гьеб гьаракьалдаса хIинкъун, тIурун щайтIаби дунялалъул рагIалда кIанцIула. Гьенир данде рачIун малаикзабаца гьурмал рухун гьел нахъе руссинарула. ГIадамалги цоял цояздаса ратIалъун, цоцазде ахIделаго лъутун уна.*

*Гьедин рукIаго ракь бихъун, хъвалхьун уна цояб рагIалдаса цогидаб рагIалда щвезегIан. Цинги цIакъго Аллагьасдаса* جَلَّجَلَالُهُ *хIинкъун халкъги хутIула. Гьел зобалаздехун ралагьараб мехалъ жидеда гьел рихьула биараб тIохьи гIадин яги бухIун гьалдолеб нахул ахакь гIадин. Цинги гьеб зодиса бакъги моцIги нахъе босун уна, цIваби рортун тIагIула ва гьел зобалги тIаса росун уна. Гьеб хIинкъиги, гьаб ссур пуйги цереккун хун ругел гIадамазе рагIуларо ва гьезда гьелъул щибго жо лъаларо»-абун.*

*Абугьурайратица* رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ *абуна: «ТIадегIанав Аллагьас гьаб ссур пуй жидеда рагIизабуларел гIадамал шагьидзаби руго. Гьаб гьаракь чIагоял гIадамазда рагIула, гьел шагьидзаби жидер хабазулъ чIаго руго. Гьедин бугониги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *шагьидзаби цIунана гьаб хIинкъиги, гьаракьги жидеда щвеялдаса»-абун. Гьаб авалаб ссур пуйги, гьаб кутакаб хIинкъи-къварилъиги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *тIаде биччала муъминзаби жидеда гьоркьоса нахъе рачараб (гьел хун хадуб) квешаб, зулмуяб ва гIасияб халкъалда.*

Цоги гIалимзаби руго гьаб аяталда жаниб рехсараб хIинкъиги, ракь багъариги къиямасеб къоялъ тIеде рахъизарулеб мехалъ букIизе бугин абулел. Гьезул далилги буго жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадис.

ГIайшатица абуна: дица Бичасул расулалсда абуна: *«Я расулаллагь* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ*! Къиямасеб къоялъ жиндие вокьулев чиясда гьев вокьулев чи ракIалда щолищ?-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я ГIаишат! Лъабго бакIалда вокьулесда вокьулев ракIалда щоларо. ГIамал цIалеб цIадироялда аскIов ракIалда щоларо. Жиндир лъикIаб гIамал дагьиш бугеб гIемерищ бугеб лъаларого. ГIамал хъварал кагътал кодоре кьолеб мехалъги ракIалда щоларо. Жиндир*

*гIамал хъварал кагътал кваранисанищ кьолел яги квегIисанищ кьолел лъаларого.*
*ЖужахIалъул цIадасан къватIибе баккун цо сурукъаб цIадул габуралъ (хIубиялъ) гьел гIадамазда тIаде гьетIун, гьезда цции бахъун абулеб къоялъги ракIалде щоларо: «Дун вакил гьабун буго лъабго батIияб къокъа цIадабе бачине, дун вакил гьабун буго Аллагьгун* جَلَّجَلَالُهُ *цадахъ цогиги алагь вуго абурал г1адамал цIадаре рачине. Дун вакил гьабун буго къиямасебкъо букIиналда божун рукIинчIел гIадамал цIадаре рачине. Дун вакил гьабун буго киналниги чIух1ун, гIамал кIодолъун дида инкар ккун хьвадарал гIадамал цIадаре рачине- абун. Цинги гьеб цIадул габур гьезда тIаде гьетIула ва гьел рехсарал гIадамал жужахIалъул цIадаре рехула. Гьеб жужахIалда тIад кьо (сиратI) буго расалдаса жиб тIеренаб, хвалченалдаса жиб рекIараб. Гьеб кьоялда тIадги жужахIалъул гьаби руго ва гъунцIби (крючки) руго. Гьез Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *амру гьабурал гIадамал жужахIалда рехула. Гьеб кьодаса гIадамал пиригIадин хехги уна. Гьеб кьоялада тIаде чIун Аллагьасде* جَلَّجَلَالُهُ *гьарулел малаикзабиги рукIуна: «Я БетIергьан! Дуца цIуне, дуца цIуне!-абун. Гьеб кьодаса жанив вортич1ев чи жужахIалдаса цIунарав вукIуна!»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагIидил Худрияс бицараб хIадисалда буго: "Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьас абула: «Я Адам! Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дуда амру гьабулеб буго дур зурриятальул жужахIалда унеб къокъа къватIибе бахъизабе»-абун. Адамица абула: «Я дир БетIергьан! Щиб бугеб гьеб жужахIалда унеб къокъа»-абун. Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *рахъальан абула: «Щивав азарго чиясдаса ичIнусиялда ункъоялда анцIила ичIго чи вуго»-абун. Гьеб рагIи абураб мехалъ къинай чIужуялъ лъимер рехула, гIисинал лъималги бетIер хъахIлъун лъугьуна, гIадамалги мехтарал гIадин рукIуна гIакъло ун, жал мехтун гьечIониги»-абун. Гьаб хIадис бицараб мехалъ асхIабзабазе цIакъ захIмалъана ва гьезул гьурмазул кьер хисана. Цинги аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «Гьеб жужахIалъул агьлуялъул ичIнусиялда ункъоялда анцIила ичIго чи яъжуж маъжужалдаса вукIине вуго ва цо чи нужедаса вукIине вуго»-абун. Хадубги аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «Дир хьул буго алжаналъул агьлоялъул ункъил бутIа нуж рукIинин абун. АсхIабзабаца «Аллагьу акбар» абуна. Аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «Алжаналъул агьлуялъул лъабил бутIа нуж рукIинин хьул буго дир абун. Цингиги асхIабзабаца «Аллагьу акбар» абуна. Аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна дир хьул буго алжаналъул агьлуялъул бащадал нуж рукIинин»-абун. Цингиги асхIабзабаца «Аллагьу акбар»*-абуна.

Х1адис имам Бухарияс бицана.

**3. ГIадамазда гьоркьор цо чаг1и руго жидер щибго гIелму ва хIужжа гьечIого Аллагьасда ﷻ гIайиб чIван кIалъалел ва бищунго Аллагьасда ﷻ гIасилъарал щайтIабазда нахърилълъарал.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يُجَٰدِلُ فِي ٱللَّهِ بِغَيۡرِ عِلۡمٖ
وَيَتَّبِعُ كُلَّ شَيۡطَٰنٖ مَّرِيدٖ ٣

**4. Гьеб щайтIаналъе къадар гьабураб Аллагьасул ﷻ хIукмуги буго: гьелда нахъвилълъарав чи х1акълъунго гьелъ хIакъаб диналдаса къосизавизе вугин ва гьев ахираталда жужахIалъул гIазабалдаги тIовитIизе вугин абун.**

كُتِبَ عَلَيۡهِ أَنَّهُۥ مَن تَوَلَّاهُ فَأَنَّهُۥ
يُضِلُّهُۥ وَيَهۡدِيهِ إِلَىٰ عَذَابِ ٱلسَّعِيرِ ٤

Ас-судию абулев гIалимас абуна: гьаб кIиго аят рештIинабуна Назар ибну ХIарис абулев чиясул х1акъалъулъ. Гьав Къурайшиязул инжитал гIадамазул бищунго инжитас абуна: «Дида бице нужер Аллагь ﷻ сундул гьавурав вугев, меседилищ, гIарцулищ, тIохьидулищ?»-абун. Цинги зобалазул гъугъай бахъана ва гьев Назарил бетIералъул шурун (череп) гьесда цебе гIодобе бортана»-абун. Гьав Назарица абулеб букIана малаикзаби Аллагьасул ясал ругин абунги, Къуръан цересел умматазул гьересиял къисаби ругин абунги, хун хадур тIаде рахьинариги букIизе гьечIин абун.

**5. Я гьал гIадамал! Нуж къиямасеб къо букIиналда ва хун хадур тIаде рахьизариялдаги щакдарулел ратани.** Гьеб дир жинда хIал кIолареб жо буго абун нужеда ракIалдеги кколеб батани нужеца пикру гьабе: **Х1акълъунго Дица нуж рижана ракьалдаса.** Нужер эмен Адам ракьалдаса вижун. **Цинги манидал къатIраялдаса рижана, цинги бидул гороялдаса, цинги цо кIалдиб лъолеб жо гIадаб гьанал къотIелалдаса рижана: гьеб гьанал къотIел жиндие сурат гьечIеб букIун, хадуб жиндир сурат бугеб гьабуна. Гьадин дица нужер рижин къадар гьабуна дир хIал кIолъиялда тIоритIел гьабизе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِن كُنتُمۡ فِي رَيۡبٖ مِّنَ
ٱلۡبَعۡثِ فَإِنَّا خَلَقۡنَٰكُم مِّن تُرَابٖ ثُمَّ
مِن نُّطۡفَةٖ ثُمَّ مِنۡ عَلَقَةٖ ثُمَّ مِن مُّضۡغَةٖ
مُّخَلَّقَةٖ وَغَيۡرِ مُخَلَّقَةٖ لِّنُبَيِّنَ لَكُمۡۚ وَنُقِرُّ
فِي ٱلۡأَرۡحَامِ مَا نَشَآءُ إِلَىٰٓ أَجَلٖ مُّسَمّٗى ثُمَّ
نُخۡرِجُكُمۡ طِفۡلٗا ثُمَّ لِتَبۡلُغُوٓاْ أَشُدَّكُمۡۖ
وَمِنكُم مَّن يُتَوَفَّىٰ وَمِنكُم مَّن يُرَدُّ إِلَىٰٓ
أَرۡذَلِ ٱلۡعُمُرِ لِكَيۡلَا يَعۡلَمَ مِنۢ بَعۡدِ عِلۡمٖ
شَيۡـٔٗاۚ وَتَرَى ٱلۡأَرۡضَ هَامِدَةٗ فَإِذَآ أَنزَلۡنَا
عَلَيۡهَا ٱلۡمَآءَ ٱهۡتَزَّتۡ وَرَبَتۡ وَأَنۢبَتَتۡ مِن
كُلِّ زَوۡجِۭ بَهِيجٖ ٥

Замахшарияс абуна: Гьаб хIалалъ нуж рижи къадар гьабуна Дица баян гьабизе нуж авалалда ракьалдаса рижарав,

хадур манидал къатIраялдаса рижарав, хадур бидул горо ва гьанал къотIелалдаса рижарав БетIергьан нуж хун хадур тIаде рахъинаризе кIолев вукIин.

**Дица эбелалъул рахIмуялда жаниб (тIончIорукъ) дие бокьараб жо чIезабула жиндие къадар гьабураб заман щвезегIан.** Кинабго рахIмуялда жаниб ккараб жоялъул лъимер бижуларо. ЦохIо нухалъ кIиго лъабго лъимерги бижула, цо-цо лъимер мех щвечIого къватIибе рехула, цогидаб мех щведалги гьабичIого гьеб рахIмуялъуб кват1ун хутIула. Гьаб кинабго жо буго БетIергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадар гьабиялдалъун ва тадбир гьабиялдалъун бугеб.

**Цинги дица нуж рахIмуялдаса къватIире рахъизарула гьитIинаб лъимерлъун.** Жиндир щибго гьунар гьечIеб, жиндир лугби загIипаб. Гьеб лъимер дица дагь-дагь ккун кIудияб гIезабула ва гьеб бахула жиндир къуваталде. **Гьедин нужер гIакъло ва черх камиллъула ва гучлъула. Нужедаса цоял гьитIинго ва гIолохъанго хвезарула, цогидал херлъун, загIиплъун лъугьизегIан чIаго тола. Жив гьитIинав вукIараб мехалъ гIадин гIелму-гIакъло дагьлъун лъугьизе ва жинда лъалеб букIараб жоги к1очолев лъугьизег1ан,** бихьираб-рагIараб жоялдаги инкар кколев лъугьизе тола.

Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну МасгIудидаса бицараб хIадисалъулъ буго: *«Манидал къатIра чIужуялъул рахIмуялда жаниб щун гьениб чIараб мехалъ, малаикас عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьеб къатIра жинда хъатиниб лъун, БетIергьан Аллагьасдехун хитIаб гьабун абула: «Я Рабби, гьаб къат1ра рухIлъун бижулебищ я бижуларебищ?»-абун. Бижулареб буго абуни гьеб рахIмуялда жаниб бижуларо ва биялъ (хIайзалъ) къватIибе рехула. Гьеб рухIлъун бижулеб буго абуни малаикас абула: «Я Рабби, гьаб бихьинабищ яги цIуябищ букIунеб, бахьи бугебищ яги бахьи къосарабищ букIунеб. Гьалъул гIумру щиб? Гьалъул гIамал щиб? Щиб ракьалда гьаб холеб? –абун. Цинги гьеб манидал къатIраялда гьикъула: «дур БетIергьан щив?» – абун. Гьелъ абула Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абун. Цинги гьелда гьикъула: «дуе ризкъи кьолев щив?»-абун. Гьелъ абула: «Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго»-абун. Хадуб малаикасда абула: «Мун а ЛавхIул-махIфузалда балагьизе. Гьениб дуда батизе буго гьаб къатIраялъул къиса»-абун. Гьеб къатIраялъул инсан лъугьуна, гьесие бихьизабураб заманалъ чIагоги букIуна, жиндие къадар гьабураб ризкъиги кванала, жиндир гIамалги гьабула, г1ажал щвараб мехалъ хвезеги хола»*-абун.

Х1адис ибну аби Х1атимица бицана.

**Гьединго дуда бихьулеб буго,** Я гьав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда щаклъулев инсан. **Бакъвараб, жинда тIад щибго жо гьечIеб ракь.**

**Гьеб ракьалда тIад дица цIад базабураб мехалъ жиб цIилъун, багъарун лъугьулеб буго, жиб берцинаб хур хералдалъун цIолеб буго ва бечелъулеб буго.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡحَقُّ وَأَنَّهُۥ يُحۡيِ ٱلۡمَوۡتَىٰ وَأَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٦

**6. Гьаб цебе бицараб инсан вижиги, бакъвараб ракь чIаголъиги буго х1акълъунго нужер БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жив цогояв, жиндир къудрат гуч бергьарав хан вукIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Х1акълъунго Гьев Аллагьасе хварал чIаго гьаризе кIвеялдаги ва гьев кинабго жоялда хIал кIолев вукIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва хIужа-далил.**

وَأَنَّ ٱلسَّاعَةَ ءَاتِيَةٞ لَّا رَيۡبَ فِيهَا وَأَنَّ ٱللَّهَ يَبۡعَثُ مَن فِي ٱلۡقُبُورِ ٧

**7. Гьединго гьелъ тIоритIел гьабула х1акълъунго къиямасеб къо бачIинги жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, жиб хIакъаб хIукму букIиналда ва хварал гIадамал хабалъан тIаде рахъинарун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьезул хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе букIиналдаги.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يُجَٰدِلُ فِي ٱللَّهِ بِغَيۡرِ عِلۡمٖ وَلَا هُدٗى وَلَا كِتَٰبٖ مُّنِيرٖ ٨

**8.** Гьаб амру гьадин бугониги; гьаб махлукъ бижарав, гьелъул жинца тадбир гьабулев БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламатал ва далилал ругониги, **гIадамазда гьоркьор рукIунел руго жидер щибго гIелму-гIакълоги, хIужжа-далилги гьечIого, жидехъе рештIараб тIехьги, жал тIоритIулев аварагги гьечIого, жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **данде дагIба-къец гьабулел гIадамалги.**

ثَانِيَ عِطۡفِهِۦ لِيُضِلَّ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِۖ لَهُۥ فِي ٱلدُّنۡيَا خِزۡيٞۖ وَنُذِيقُهُۥ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ عَذَابَ ٱلۡحَرِيقِ ٩

**9. АхIмакъаб чIухIи гьабун,** хIакъаб жоялдаса габур-бетIер кьурун буссинабулев, гьелда инкар кколев. Гьеб гIамал жинца гьабулев **цогидал гIадамалги Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеялдаса руссинеризе, гьел хIакъаб диналдаса къосинаризе. Гьадинав чиясе дунялалъул рукъобги гIодогIанлъи ва инжитлъи букIине буго. Ахираталда дица гьесда боркьараб жужахIалъул гIазаб чIамизабизе буго.**

ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتۡ يَدَاكَ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَيۡسَ بِظَلَّٰمٖ لِّلۡعَبِيدِ ١٠

**10.** Гьев инжит гьавун гьесдехун абизе буго: **Гьаб буго дуца дунялалда гьабураб гIамалалда данде бугеб жазаъ. Х1акълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинца лагъзадерие зулму гьабулев гьечIо.**

Нуж руго нужеего зулму гьабурал: дунялалда рукIаго гьаб ахираталда инкар ккун, аварагасда ﷺ нахърилъьинчIого, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавичIого хьвадун рукIиналъ.

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَعۡبُدُ ٱللَّهَ عَلَىٰ حَرۡفٖۖ فَإِنۡ
أَصَابَهُۥ خَيۡرٌ ٱطۡمَأَنَّ بِهِۦۖ وَإِنۡ أَصَابَتۡهُ
فِتۡنَةٌ ٱنقَلَبَ عَلَىٰ وَجۡهِهِۦ خَسِرَ ٱلدُّنۡيَا
وَٱلۡأٓخِرَةَۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلۡخُسۡرَانُ ٱلۡمُبِينُ ﴿١١﴾

**11. Гьел гIадамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **лагълъи гьабулел цо рагIалда чIун.** ХIакъикъияб иман лъечIого, жив щакдарулевлъун вукIун. **Жиндие дунялалъул чIаголъиялъе лъикIлъи бугони:** сах-саламат вукIун, ризкъи гIатIидго букIун, **гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналда разилъун, гьелда хIалхьолев вуго. Жинда цо къварилъи- балагь щвани ва цо бокьулареб иш тIаде бачIани, гьев муртадлъун купруялда вуссунев вуго. Гьав вуго жиндир дунялги ахиратги гIадада хварав чи. Гьеб буго тIобарабго ва хIакъикъияб гIадада хвей.** Гьелда хадуб щибго лъикIлъи гьечIеб. Жинца гьабураб кинабго лъикIаб гIамалги гIадада хварав. Гьел гIадамал руго мунапикъзаби.

Гьел руго рагъде унеб мехалъ жал богун цадахъ къватIире рахъун, гьеб бодул цо рикIкIадаб рагIалда рукIунел. Бергьенлъиги гъаниматги щолеб бугони жал церегIан къалел, рагъулъ захIмалъи ккун, риха-хочи кколеб бугони жал лъутун унел.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Цо чи Мадинаялде вачIунев вукIана. Гьенив жив вукIадго жиндие лъимер гьабуни, гIалаялъ тайги гьабуни гьес абулеб букIана гьаб лъикIаб дин бугин абун. Жиндие лъимер гьабичIони, гIалаги къинлъичIони гьес абулеб букIана гьаб квешаб дин бугин»-абун.

Гьал г1адамазул г1акълу щолеб бак1, гьаз кинабго жо борцунеб роцен дунялалъул ч1аголъи буго. Гьазда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жидер Бет1ергьан вук1ин ва ахират бук1унеблъиги лъалеб гьеч1о.

يَدۡعُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُۥ وَمَا لَا
يَنفَعُهُۥۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلضَّلَٰلُ ٱلۡبَعِيدُ ﴿١٢﴾

**12. Цоги гIадамал руго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гуреб жоялъе гIибадат гьабулел, щибго лъикIлъи гьабизе кIоларел, яги зарал нахъе чIвазе кIоларел алагьзабазе лагълъи гьабулел. Гьабги буго жиб баянаб къосин,** хIакъаб диналдаса жиб рикIкIадаб, жинда данде гIазаб гьаби хIакъаб.

يَدۡعُواْ لَمَن ضَرُّهُۥٓ أَقۡرَبُ مِن نَّفۡعِهِۦۚ لَبِئۡسَ
ٱلۡمَوۡلَىٰ وَلَبِئۡسَ ٱلۡعَشِيرُ ﴿١٣﴾

**13. Гьев чияс гIибадат гьабула жиндие зарал гьабизе бегьулеб ва амма гьесие хайир гьаби цIакъ рикIкIадаб жоялъе.**

Жидее шапагIат гьабизе буго абун хъанчазе лагълъи гьабурал гIадамазда дунялалдаго гIазаб тIаде бачIине бегьула, амма гьел хъанчазул жидее щибго мунпагIат букIине гьечIо. **ЦIакъ квешаб жо бугоха гьеб хъанч гьав чияс гьудуллъун ва жиндие квер бакъулеблъун гьабураб, цIакъ квешаб гIагарлъи ва гьалмагълъи буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ширкги гьабун хъанчаздехун гьабулеб гIагарлъи ва гьалмагълъи!**

إِنَّ ٱللَّهَ يُدۡخِلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُۚ إِنَّ ٱللَّهَ يَفۡعَلُ مَا يُرِيدُ ١٤

**14. Х1акълъунго, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ алжаналда жанир лъугьинарула жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун, аварагасда нахърилъун лъикIаб гIамал гьабурал муъминзаби; жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжанazда жанире лъугьинарула. Х1акълъунго, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьараб жо гьабулев вуго.**

Жиндие бокьарасе гIазаб гьабула, жииндие бокьарав алжаналда лъугьизавула. Гьев жиндир мурад тIубазе нахъе чIвалеб щибго жо гьечIо.

مَن كَانَ يَظُنُّ أَن لَّن يَنصُرَهُ ٱللَّهُ فِي ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِ فَلۡيَمۡدُدۡ بِسَبَبٍ إِلَى ٱلسَّمَآءِ ثُمَّ لۡيَقۡطَعۡ فَلۡيَنظُرۡ هَلۡ يُذۡهِبَنَّ كَيۡدُهُۥ مَا يَغِيظُ ١٥

**15. ТIадегIанав Аллагьас жиндир авараг МухIаммадие صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ дунялалдаги ахираталдаги квербакъи гьабиларин ракIалде ккун вугев чи жиндирго рукъалъул мокърукье кварги бухьун гьелда жаниб габурги лъун живго жинцаго гъанкъе абе! Цинги балагье абеха гьесул ццим бахъиялъги, гьев гъанкъун хвеялъги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялдаса щибго жо хисизабуладай абун.** Жиндир ццимги буссунадай абун.

Гьаб аяталъул магIна буго: ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагасе ва жиндир диналъе квербакъи гьабизе букIин хIакъаб жо буго, гьеб квербакъи гьаби рихарал капурзаби ва мушрикал ццим бахъун хванигиян-абураб.

Цо гIалимзабаца дагьаб батIияб тафсир гьабуна: жиндие къварилъи ккараб мехалъ Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хьул къотIулев, гьес жиндие квербакъиларин ва къварилъи тIаса босуларин абун ракIалде кколев чи сабро гьабичIого хвайин абеха, цингиги щибго батIияб жо лъугьинаро ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму билълъанхъила. Гьадин бугелъул балагьазда сабро гьаби ва нигIматазда щукру гьаби буго инсанасул дунял ахираталъул ургъел- къварилъи тIаса иналъе сабаб.

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلۡنَٰهُ ءَايَٰتِۭ بَيِّنَٰتٖ وَأَنَّ ٱللَّهَ يَهۡدِي مَن يُرِيدُ ١٦

**16. Гьал церехун рицарал хIукмаби баян гьарун ругеб гIадин дица кинабго Къуръан рештIинабун буго жидеца**

**тIоритIел гьаби ва хIужжа- далил бицин баянал аяталлъун. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие бокьарав чи битIараб нухда ва хIакъаб диналда тIовитIулев.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَٱلَّذِينَ هَادُواْ
وَٱلصَّٰبِـِٔينَ وَٱلنَّصَٰرَىٰ وَٱلْمَجُوسَ وَٱلَّذِينَ
أَشْرَكُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ
إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ شَهِيدٌ ١٧

**17. Х1акълъунго жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесда иман лъун хьвадарал гIадамалги; ягьудиялги, насраниялги, сабииналги** (жидеца цIвабзазе лагълъи гьабулел гIадамал) **мажусиял** (цIадуе лагълъи гьабулел гIадамал), **жидеца Аллагьасдехун جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамалги: - Гьал киназдаго гьоркьоб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIукму гьабизе буго къиямасеб къоялъ.** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабурал муъминзаби алжаналда лъугьизаризе руго, хадусел киналго къокъаби жужахIалда лъугьизаризе руго. **ТIадегIанав Аллагь кинабго жо жинда лъалев ва бихьулев вуго.** Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда разилъулеб динги исламияб дин буго: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин чIезабулеб, гьесул аварагзаби ва тIахьал ритIухъ гьарулеб, ахир къиямасеб къо букIинги ва хIисаб- мизан гьабиги, жазаъ гьабиги ритIухъ гьабулеб.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يَسْجُدُ لَهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَمَن فِى ٱلْأَرْضِ وَٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُ
وَٱلنُّجُومُ وَٱلْجِبَالُ وَٱلشَّجَرُ وَٱلدَّوَآبُّ
وَكَثِيرٌ مِّنَ ٱلنَّاسِ ۖ وَكَثِيرٌ حَقَّ عَلَيْهِ ٱلْعَذَابُ ۗ
وَمَن يُهِنِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِن مُّكْرِمٍ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ
يَفْعَلُ مَا يَشَآءُ ۩ ١٨

**18. Дуда бихьуларищ я гьав инсан! ТIадегIанав Аллагь вукIин зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб кинабго жоялъ жиндие сужда гьабулев ханлъун. Гьесие сужда гьабула бакъальги, моцIалъги цIвабзазги, мугIрузги, гъветI-хералъги, рухIчIаголъиялъги. Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабула гIадамазул ва жундзул гIемерал муъминзабацаги.** Гьал киназго сужда гьабула Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелун, гьесул амруялда нахърилълъун гьесул къадро кIодолъи лъан. Гьал кIудиял махлукъал: зобал-ракьал, бакъ-моцI ва цIваби Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабулел рукIин бициналдаса мурад буго жидеца ТIадегIанав Аллагьасе гьабичIого цоги щиб бугониги жоялъе лагълъи гьабулел гIадамазда бич1чIизаби гьеб кинабго махлъукъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мулк букIин, гьесие мутIигIаб букIин, гьесул лагъзал рукIинги. Гьедин бугелъул жиндие лагълъи гьабизе хIакъав хан цохIо ТIадегIанав Аллагь гурев гьечIо.

**ГIадамазул гIемериселги жидее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб хIакълъарал руго.** Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, гьесдехун

ширк гьабурал г1адамал руго гьел. **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жив гIодовегIан гьавурав чи хира гьавулев щивго чи вукIунаро.** Бахьикъоси ва купру жинца тIаса бищарав чиясе гьесдаса Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб нахъчIвазе квербакъулев чи вукIунаро. **Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндие бокьараб хIукму гьабулев ва гьеб хIукму жинца тIубазабулев вуго.**

Гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму ва къадар буго цояв бечедав вукIин цогидав мискинав вукIин. Цояв алжаналде ин, цогидав жужахIалде ин, цояв кIодо гьави, цогидав гIодовегIан гьави. Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб жоялда тIад кIалъалев, гьесул хIукму хисизабулев щивго чи вукIуларо.
Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе суннатаб буго.

۞ هَٰذَانِ خَصْمَانِ ٱخْتَصَمُوا۟ فِى رَبِّهِمْ ۖ فَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ قُطِّعَتْ لَهُمْ ثِيَابٌ مِّن نَّارٍ يُصَبُّ مِن فَوْقِ رُءُوسِهِمُ ٱلْحَمِيمُ ﴿١٩﴾

**19. Гьаб кIиго къокъа буго жал БетIергьанасул хIакъалъулъ къацандулел ругел.**

Муъминзаби руго кидаго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе квербакъи бокьарал, гьелъул нур ва гуч цIик1кIизе бокьарал. Капурзаби руго кидаго диналде данде чIарал, гьеб хвезабизе, гьелъул нур свине бокьарал.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузар абулев асхIабас, гьа гьедун абулеб букIана гьаб аят рештIинабунин Бадроялда рагъ бугеб къоялъ цо-цаде данде рагъизе рахъарал муъминзабазул ва капурзабазул хIакъалъулъ. Муъминзаби рукIана, жидеда Аллагь разилъаял ХIамзат асхIаб, ГIали асхIаб ва ГIубайдат асхIаб. Капурзаби рукIана: Шайбат ибну РабигIат, ГIутбат ибну РабигIат ва Алвалиду ибну ГIутбат. Гьав лъабавго капурзабазул церехъаби чIвана дов лъабавго асхIабас.

**Алагьасда инкар ккурал гьесул диналда данде рахъарал гIадамал руго жидее жужахIалъул цIадул ретIел хIадурун бугел.** Дунялалда инсанас жинда тIад ретIел ретIулеб гIадин гьезул чурхдузда тIад цIадул ретIел букIине буго. **Гьезул бетIералда тIадги жиб гьалдолеб цIакъ бухIараб ва махIцараб хIамим тIезе буго.**

يُصْهَرُ بِهِۦ مَا فِى بُطُونِهِمْ وَٱلْجُلُودُ ﴿٢٠﴾

**20. Гьеб цIаялдалъун ва хIамималдалъун жидер черхалда бугеб гьанги, жаниб бугеб ургьимеси бухIун, биун гIодобе уна.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Гьеб хIамималъул цо къатIра дунялалъул мегIералда тIад тIинкIизабуни, гьеб мегIер биун инаан»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда жаниб буго: *«Гьеб хIамим бетIералда тIад тIураб мехалъ гьенисан жаниб лъугьун хIатIазул гъоркьияб рахъалъа къватIибе бачIуна кинабго*

*гьангин биинабун. Цингиги гьесул гьан букIухъин бижизабула»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

وَلَهُم مَّقَٰمِعُ مِنْ حَدِيدٍ ﴿٢١﴾

**21. Гьеб жужахIалъул агьлуялъе гIазаб гьабизе маххул гьенцIокъал ва цIцIалал руго.**

Жидеда кьабулел ва гьездалъун жал цере къотIулел.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалъулъ буго: *«Гьеб цо гьенцIокъ дунялалда тIад гIодобги лъун гьеб эхеде борхизе абун гIадамалги жундулги данделъаниги гьезда гьеб эхеде борхизе кIвелароан»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

كُلَّمَآ أَرَادُوٓا۟ أَن يَخْرُجُوا۟ مِنْهَا مِنْ غَمٍّ أُعِيدُوا۟ فِيهَا وَذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْحَرِيقِ ﴿٢٢﴾

**22. Жидее гьеб жужахIалъул къварилъи-гIазаб цIик1кIун гьениса къватIире рахъизе бокьанщинахъе, гьезда гьенцIокъал кьабун жидерго бакIалда руссинарула ва гьезде абула:**

**«нужеца гьеб бух1иялъул гIазаб чIаме** дунялада ругеб мехалъ гьеб гьереси гьабун букIин сабаблъун»-абун.

إِنَّ ٱللَّهَ يُدْخِلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ مِن ذَهَبٍ وَلُؤْلُؤًا وَلِبَاسُهُمْ فِيهَا حَرِيرٌ ﴿٢٣﴾

**23. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидеца иман лъун ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби жидеда жаниса ниг1матазул гIорал чвахулел алжаназда лъугьизарула. Жидее гьениб жаниб меседил ва луълуазул курхьин-кIиликI ва цогидаб берцинлъи букIула. Гьезул ретIелги алжаналда жаниб дарайдул букIула.**

وَهُدُوٓا۟ إِلَى ٱلطَّيِّبِ مِنَ ٱلْقَوْلِ وَهُدُوٓا۟ إِلَىٰ صِرَٰطِ ٱلْحَمِيدِ ﴿٢٤﴾

**24. Гьез бицунеб каламги берцинаб, лъикIаб букIула.** Г1ададисеб, цоцазул ракI холеб рагIи гьениб букIунаро. **Гьединаб берцинаб калам ахираталда бициналда гьел тIоритIана Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ**. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьел муъминзаби дунялалдаги тIоритIун рукIана битIараб нухалда ва хIакъаб диналда.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ ٱلَّذِى جَعَلْنَٰهُ لِلنَّاسِ سَوَآءً ٱلْعَٰكِفُ فِيهِ وَٱلْبَادِ وَمَن يُرِدْ فِيهِ بِإِلْحَادٍۭ بِظُلْمٍ نُّذِقْهُ مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢٥﴾

**25. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **дин босун вачIарав расуласда нахърилълъиналдаса руссун ч1арал ва Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рукълъун бугеб масжидулхIарамалда хIаж ва гIумра**

**гьабиялдаса жидеца муъминзабиги нахъе чIвалел гIадамазда дица гучаб гIазаб чIамизабизе буго. Дица гьеб кагIба рукъ ва масжидул хIарам гьабун буго гьенирго чIарал гIадамазе ва хIаж гьабизе рачIунел гIадамазеги гIаммаблъун, бащадаблъун.**

Гьеб бакIалда чIарал гIадамазул ихтияр гьечIо гьенир цоги бакIалдаса хIаж гьабизе ва гIибадат гьабизе рачIулел гIадамал нахъчIвазе. **Гьеб масжидулхIарамалда жинца зулму гьабизе ва квешлъи гьабизе къасд гьабурав чиясдаги дица гучаб гIазаб чIамизабизе буго.**

Гьаб масжидулхIарамалда гьабураб гIибадаталъул кири цIик1кIинабулеб гIадин, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьениб гьабураб зулмуялъул гIазабги цIик1кIинабула. Гьаб хIукму гьадин букIиналъул гIаламат буго гьениб жинца зулму гьабизе къасд гьабурав чиясда гучаб гIазаб чIамизабулеб букIин. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму буго инсанас цо квешлъи гьабизе къасд гьабураб мехалъ гьесие гьеб къасд сабаблъун гIазаб гьабулареб. Гьеб квешаб гIамал гьабизе байбихьараб мехалъги гьев чиясе мунагь хъваларо, гьеб квешаб гIамал гьабун гурони. Гьаб масжидулхIарамалда жинца квешлъи гьабизе къасд гьабурав чиясе гьеб квешлъи гьабичIониги мунагь хъвалеб буго ва гьев гIазабалъе хIакълъулев вуго.

Цо гIалимзабаца абуна масжидулхIарамалда зулму гьаби абураб рагIиялдаса мурад бугин, гьениб купру-ширк гьаби абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«КагIба рукъалда рагъ гьабизе абун цо бо къватIибе бахъуна. Гьел ракьалдаса рачIунел рукIадго Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьел киналго ракьулъе тIерхьинарула»*-абун.

وَإِذْ بَوَّأْنَا لِإِبْرَٰهِيمَ مَكَانَ ٱلْبَيْتِ أَن لَّا تُشْرِكْ بِى شَيْـًٔا وَطَهِّرْ بَيْتِىَ لِلطَّآئِفِينَ وَٱلْقَآئِمِينَ وَٱلرُّكَّعِ ٱلسُّجُودِ ﴿٢٦﴾

**26. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дица Ибрагьим аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **КагIба рукъ бугеб бакI лъазабураб гIуж. Ва дица гьесда амруги гьабураб дуца гьеб КагIба рукъ бай абун. Гьеб рукъ бай цохIо дие гIоло, дие гIибадат гьабулеблъун ва Дидехун ширкги гьабуге.**

**Гьеб рукъ т1аваф гьабулел ва как балел гIадамазе бац1цIад гьабе кинабниги чорокаб жоялдаса: жал г1ибадат гьабизе рахъун чIун, рукугI ва сужуд гьабун Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **лагълъи гьабулел, гьев разилъи тIалаб гьабулезе.**

وَأَذِّن فِى ٱلنَّاسِ بِٱلْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا وَعَلَىٰ كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِن كُلِّ فَجٍّ عَمِيقٍ ﴿٢٧﴾

**27.** КагIба рукъ бан лъугьараб мехалъ дица Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ амру гьабуна: **«Дуца гIадамаздаги ахIе ва гьезда лъазеги гьабе гьаб Аллагьасул**

**ﷻ рукъалда рачIун нужеца хIаж гьабеян»-абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагьас амру гьабуна Ибрагьим аварагасда ﷺ дуца гIадамазда ахIеян хIаж гьабе-абун. Ибрагьимица ﷺ абуна: «Я дир БетIергьан! Лъида рагIилеб дир гьаракь?»-абун. Аллагьас ﷻ абуна: «Дуца ахIе, гьеб рагIизаби дида тIад буго»-абун. Цинги Ибрагьим авараг ﷺ абукъубайс абулеб мегIералде тIаде вахана ва гьес ахIана: «Я гьал гIадамал! ТIадегIанав Аллагьас нужеда амру гьабулеб буго гьаб КагIба рукъалда хIаж гьабе абун, гьелдалъун Аллагьас ﷻ нужее алжан кьезе, ва нуж жужахIалъул цIаялдаса цIунизе. Нужеца гьаб Аллагьасул ﷻ рукъалда хIаж гьабе!»-абун. Ибрагьим аварагасул ﷺ гьеб ахIи рагIун гьелъие жаваб гьабуна «Лабайк» абун эбелалъул рахIмуялда жаниб бугеб рижиялъги инсул гьодиниб бугеб зарраялъги»-абун. Аллагьас ﷻ гьеб гьаракь рагIине гьабуна гьеб заманаялъ ругел муъминзабазда ва къиямасеб къо бачIизегIан хадур рукIине ругел муъминзабазул зррабаздаги.

**Гьел гIадамал КагIба рукъалда хIаж гьабизе рачIине руго жидерго хIатIазда рилълъун ва рик1кIадаб сапаралдаса жал свакарал ва хIалакъал варанабазда рекIунги.**

ГIалимзаби жиндилъ хилиплъараб масъала буго КагIба рукъалде хIаж гьаби лъелго (жиндирго хIатIазда) ун гьабийищ хираяб бугеб яги рекIунеб жоялда тIад рекIун ун гьабийищ хирияб бугеб абун. Цо-цо гIалимзабаца абулеб буго: лъелго ун х1аж гьаби хирияб бугин, Аллагьас ﷻ Къуръаналда жаниб гьеб рагIи ццебе рехсон бугин варанабазда рекIун рачIила абураб рагIиялдасаян абун. Цоги гIалимзабаца абуна рекIулеб жоялда тIад рекIун гьаби лъикI бугин, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас варaниялда тIад рекIун гьабунин хIаж, гьесул вилълъанхъизе къуват букIанигиян абун. Гьаб хилапалъул хIасил буго хIаж гьабулеб заманаялъ: минаялда ин, гIарапа магIарда ин, муздалипалда ин ва цогидалги хIажалъул арканал ва шурутIал тIубалеб мехалъ гьел кин тIуралел абун.

ГIалимзабазул хилап гьечIеб масъала буго рикIкIадаса вачIунев чиясда, ай Маккаялдаса к1иго къол нухалъ рик1ад вугев чиясда, хIаж тIалъуларо гьесие тIад рекIунеб жо гьечIони, яги гьеб рекIунеб жоялъухъ кьезе ужра- мухь гьечIони. Жинда тIадаб гьечIониги хIатIазда вилъун рикIкIадаб манзилалъ ун жинца хIаж гьабилаян къватIиве вахъарав чиясда шаргIалъ гIайибги чIваларо.

Гьедин тIадаблъун гьечIеб хIаж гьабизе рикIкIаде сапаралъ лъелго (хIатIазда вилълъун) ун хIаж гьабизе иналъул гIемераб кири-ажро

букIуна абун гьаб заманаялъ къватIиве лъугьарав чи рияалъе, гIадамазе вихьизе, жиндир цIар рагIизе жо гьабулев чи вукIиналда гIагараб масъала буго, гьев чи унгого Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулев чилъун вукIиналдасаги.

Гьеб гьедин букIиналъе далил буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадат гьабизе ккола Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расулас малъараб хIалалъ. Гьелдасаги тIокIаб, лъикIаб жо жинца гьабила абун лъугьарав чи гьава-напсалъул мурад тIубазабулев, щайтIаналъ гуккарав чи вукIиналда хIинкъи буго. Цо мискинав, пакъирав чиясе садакъа кьей, цо гIажизав, ятимав чиясда гурхIел гьаби, Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабулел гIадамазе напакъа кьей ва гьезие квербакъи гьаби хирияб ва кири-ажро цIикIараб буго, жинда тIадаблъун гьечIеб хIаж гьабизе абун къватIивги вахъун жиндир напсалда гIемераб гIакъуба-захIмат бихьизабиялдаса.

Гьаб садакъа кьейги, гурхIел цIоб гьабиги, Аллагьасул диналъе квербакъи гьабиги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъеда тIадаблъун гьабураб жо буго. Нилъеда тIадаблъун гьабураб жо гьабиялъул кириги, гьелдалъун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъиги гIемераб ва цIикIк1араб буго тIадаблъун гьечIеб жо гьабун нилъеца тIалаб гьабулеб кириялдаса ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъиялдаса. Гьаб масъала ц1акъ лъазе кколеб ва бич1ч1изе кколеб масъала буго. Гьалда релълъараб гIамал гIемераб буго гьаб заманалъул жагьилал гIадамаз гьабулеб; Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадат жиндир напсалъе бокьараб жоялда боцун гьаби. Гьеб буго жиндир гIамал гIадада хвараб букIиналъе сабаб.

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи бокьарав чи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда нахъвилълъун, гьес дин малъизе жив витIарав хирияв расул МухIаммадил ﷺ нухдаса хьвадун гIибадат гьабулев вукIуна.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъее тавфикъ гьабеги хIакъаб жо хIакъаблъун бихьизе ва гьелда нахърилъизе, квешаб жо квешаблъун бихьизе ва гьелдаса рикIкIалъизеги.

**28. ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазда хIаж тIад гьабун буго ва гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру тIубазе ва жидее ругел гIемерал мунпагIатал рихьизе ва гьел щвезе муъминзабиги рачIуна.**

لِّيَشْهَدُوا۟ مَنَٰفِعَ لَهُمْ وَيَذْكُرُوا۟ ٱسْمَ
ٱللَّهِ فِىٓ أَيَّامٍ مَّعْلُومَٰتٍ عَلَىٰ مَا رَزَقَهُم
مِّنۢ بَهِيمَةِ ٱلْأَنْعَٰمِ ۖ فَكُلُوا۟ مِنْهَا
وَأَطْعِمُوا۟ ٱلْبَآئِسَ ٱلْفَقِيرَ ﴿٢٨﴾

ДунялалъулмунпагIат букIуна гIемерал муъминзаби рихьи, гьезулгун гьудуллъи-гьалмагълъи ккей, даран-базар гьабун щолеб хайир. Ахиратальул мунпагIат букIуна жинда

тIадаб парз тIубан щолеб ажро-кири. Аллагьасе ﷻ гIибадат бац1цIад гьабизе, гьев разилъи тIалаб гьабизе гьеб бацIцIадаб ракь бихьун бачIунеб тавфикъги. Аллагьас ﷻ хира гьабураб Макка Мадина бихьун, хирияв аварагги ﷺ гьесул асхIабзабиги رضي الله عنهم тIад хьвадараб, гьез Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жидер рухIги, кинабго дунялалъул чIаголъиги бичараб ракь бихьун муъминчиясе щолеб баракат, гьесул рекIелъ лъугьулеб иманалъул нурги. Цогиги гIемерал мунпагIатал руго муъминчиясе гьеб хIажалда иналдалъун щолел. Щивав инсанасул нияталда релълъун, гIелму-гIакълуялда релълъун батIи-батIиял рукIуна гьел мунпагIатал.

**Жидеца Аллагь ﷻ гIемер рехсезеги рачIуна муъминзаби гьеб хIаж гьабизе. Жал лъалел къояз букIуна гьеб Аллагь ﷻ гIемер рехсейги.** Гьел къоялги ЗулхIижаялъул анцIго къо буго: авалаб къоялдаса бай бихьун Къуръбан хъолеб къогун цадахъ. Гьаб рагIи буго имам ШафигIияс ва имам АхIмадица абураб.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица ИбнугIаббасидасан бицараб хIадисалда жаниб буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб гьаб анцIго къогIан хириял къоял гьечIо, жидеда жаниб гьабураб гIамал къабул гьабулел ва гьеб гIамалалъул ажро-кириги цIик1кIунел. Нужеца гьел къояз Аллагь ﷻ рехсей гIемер гьабе: Лаилагьа илла Ллагь абе, АлхIадулиллагь абе, Аллагьу акбар абе»*-абун.

Имам Бухарияс бицараб рагIиялъулъ буго: жидеда Аллагь разилъаял ИбнугIумар ва Абугьурайрат гьал къояз гIадамазда гьоркьор базар къотIноре рахъунел рукIана ва жидеца «Аллагьу акбар» бачунеб букIана (такбир), гьезда цадахъ гIадамазги такбир бачунеб букIана»-абун.

Абудавудица бицараб хIадисалда буго Аллагьасул свалат свалам лъеяв аварагас гьал къояз кIалги кколеб букIанин абун. АнцIабилеб къоялъ кIал ккола къурбан хъвезегIан, гьелдасан хадуб кIал кквезе хIарамаб буго гьеб къоялъ ва хадуб бачIунеб лъабго къоялъги. Гьал къоял гIемер хира гьариялъе сабаб буго гьезда жаниб гIарапа къо ва къурбан хъолеб къо букIин.

Рамазан моцIалъул ахираб анцIго къо хирияб буго абунги абуна цо гIалимзабаца гьаб анцIго къоялдаса, рамазан моцIалъул ахираб анцIго сордоялда жаниб лайлатул къадруялъул сордо бугелъул. Цоги гIалимзабаца абуна: гьаб анцIго къо хирияб буго рамазаналъул ахираб анцIго къоялдаса, амма рамазаналъул ахираб анцIго сордо хирияб буго гьал къоязул сардаздаса абун. Цоги имамзабаца абуна гьал хириял

къоял гIарапа къо къурбан къо ва гьелда хадуб бугеб лъабго къоги буго жиделъ такбир ва лабайк бачулел абун.

**Ва жидеца Алагьасул цIарги рехсолел къоял руго гьел Аллагьас** ﷻ **жидее нигIматлъун кьурал хIайванал хъолеб мехалъ**: варанаби, хIайванал ва гIиял-цIаниги. Къурбан хъолеб мехалъ, гьадю ва гIакIаде хъолеб жо хъолеб мехалъ Аллагьасул ﷻ цIар рехсон хъола. Гьедин хъвезе тIадаб буго. суннатаб бугин, абулел гIалимзабиги руго. Амма Аллагьасул ﷻ цIар гуреб цоги щибго жоялъул цIар рехсон хъвезе хIарамаб буго, гьедин хъураб жоялъул гьан кваназеги хIарамаб буго.

**Гьеб Аллагьасул** ﷻ **цIарги рехсон, Аллагь** ﷻ **разилъи тIалаб гьабун хъураб жоялъул гьан нужецаго кванай, мискинав, пакъирав чиясдаги кваназабе!** Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «﴿بَٓئِسَ﴾ абураб рагIиялъул магIна буго жив пакъирав вукIин жинда тIад бугеб ретIелальги, гьумералъги сипаталъги загьир гьабулев. ﴿ٱلۡفَقِيرَ﴾ абураб рагIиялъул магIна буго жиндир ретIел бацIцIадав, гьумералда балагьунги жив пакъирав вукIин лъаларев, жив бечедав вугин кколев»- абун. Гьав чи пакъирав вукIин лъала гьасул гьалмагълъиялда ва гьасул хIал цIехараб мехалъ.

ثُمَّ لۡيَقۡضُواْ تَفَثَهُمۡ وَلۡيُوفُواْ نُذُورَهُمۡ وَلۡيَطَّوَّفُواْ بِٱلۡبَيۡتِ ٱلۡعَتِيقِ ﴿٢٩﴾

**29. Къурбан хъун хадуб жидер черхалъул рацIцIалъи гьабе!** ХIеж бухьиналдалъун гьабизе гьукъун букIараб малъ-рас къотIи, гьуин махI гьабигIадаб жо гьабе. ГIарапа магIардаса муздалипаялда рачIун, гьениб сордоги бан минаялда рачIун «жамратул гIакъабат» абулеб цо ч1инхал речIулеб бакIалда гьел чIинхал речIун хадуб хIажи чиясе рес букIуна рас-малъ къотIизе, гьуин махI гьабизе, ихIрам тIаса бахъун жиндирго гIадатияб ретIел ретIизе. Гьалда абула аввалаб хIаж бичи абун.

Гьав хIажичиясе гьукъун букIула рос-лъади цоцаде аск1ор лъугьи (жимагI гьаби), Маккаялдаги ун КагIабаялда сверун тIавап гьабизегIан. Гьеб тIавафалда цIар буго «Т1авафу рукни» абун, яги «Т1авафу ифаза» абун. Гьаб тIаваф гьабун хадуб гьев чи хIажалъул киналго арканал тIубарав вукIуна сафа-марва мегIералда гьоркьов жив хьвадун вукIун ватани гIарафа магIарда иналде цеве. Нагагь гьеб сагIю гьабун букIун батичIони дол чIинхал речIун хадуб Маккаялда вачIун «ТIавафу рукну» гьабизе ккола, гьелда хадуб сагIюги гьабизе ккола. СагIю цебе гьабун, тIавап хадуб гьабизе бегьуларо гьаб хIалалъулъ. Маккаялда щвараб мехалъ гьабулеб «ТIавафу къудумалда» хадуб сагIю гьабун бугони гьанже цIидаса сагIю гьабизе кколаро.

**Цинги жидеца гьабураб назроги тIубазабе.** Назро гьабун букIун

батани гьеб хIажалда садакъа гьабизе, кIал кквезе ва цоги щиб бугониги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулеб шаргIалда рекъараб назро тIубазабе. **КагIба рукъалда сверун тIавафги гьабе** «ТIавафу ифаза» гьабе.

ذَٰلِكَۖ وَمَن يُعَظِّمۡ حُرُمَٰتِ ٱللَّهِ فَهُوَ خَيۡرٞ لَّهُۥ عِندَ رَبِّهِۦۗ وَأُحِلَّتۡ لَكُمُ ٱلۡأَنۡعَٰمُ إِلَّا مَا يُتۡلَىٰ عَلَيۡكُمۡۖ فَٱجۡتَنِبُواْ ٱلرِّجۡسَ مِنَ ٱلۡأَوۡثَٰنِ وَٱجۡتَنِبُواْ قَوۡلَ ٱلزُّورِ ٣٠

**30. Гьадин буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру ва хIукму хIаж гьабиялъул хIакъалъулъ. Жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин тIадегIан гьабурав ва кIодо гьабурав чи:** хIалалаб хIалал гьабун, хIарамаб хIарам гьабун, амру-нагьу тIубан; **гьесие жиндир г1амал цIакъ кIудияб ажро-даражалъун батизе буго БетIергьан Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб. Нужее кинабго боцIи хIалал гьабун буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ: варанаби, хIайванал, гIи-цIани, жиндир хирияб тIехьалда жаниб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIарамаб буго абураб жо хутIизегIан.** Гьебги капурго хвараб жо буго, жиб хъолеб мехалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIар гуреб цоги цIар рехсон хъураб жоги буго. **Нуж гьел мушриказ Аллагьасдехун جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабулел алагьзабаздаса ц1акъ рикIкIалъе: жал нажасал, чорокал жал руго гьел. Гьединго нуж рикIкIалъе гьерисияб нугIлъи гьабиялдасаги, гьереси бициялдасаги.**

حُنَفَآءَ لِلَّهِ غَيۡرَ مُشۡرِكِينَ بِهِۦۚ وَمَن يُشۡرِكۡ بِٱللَّهِ فَكَأَنَّمَا خَرَّ مِنَ ٱلسَّمَآءِ فَتَخۡطَفُهُ ٱلطَّيۡرُ أَوۡ تَهۡوِي بِهِ ٱلرِّيحُ فِي مَكَانٖ سَحِيقٖ ٣١

**31. Нуж рикIкIалъе кинабго батIулаб жоялдаса, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIакъаб дин гьабулеллъунги рук1а. Аллагьасде ширкги гьабуге. Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ширк гьабулев чи релълъун вуго зодиса яги цо борхатаб бакIалдаса вортарав чиясда. Гьеб вортиналъулъги хIанчIаца жив тIетIезавун кваналев. Яги жив кутакаб гьуриялъ восун ун рикIкIадаб алахалда гьалаг гьавурав.**

Гьаб буго мушриказул мисал, гьез гьабураб гIамал гIадада хун гьезие щибго мунпагIат щун гутIиялъулъ.

ذَٰلِكَۖ وَمَن يُعَظِّمۡ شَعَٰٓئِرَ ٱللَّهِ فَإِنَّهَا مِن تَقۡوَى ٱلۡقُلُوبِ ٣٢

**32. Гьадин буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму гьесде ширк гьабурал гIадамазе бугеб. жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин** (ай диналда хурхел бугебщинаб жо) **кIодо гьабулел гIадамал руго х1акълъунго жидер ракIазулъ гьесдаса хIинкъи бугел ва жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулел.**

Гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин тIадегIан гьаби буго паризаяб хIаж гьаби ва

гьеб хIаж гьабулаго гьелъул шурутIал ва арканал тIуран хьвадиги.

**33. Нужеца къурбаналъе хъвезе абун бачулеб боцIиялъулъ нужее пайда буго гьеб жиндир хъолеб бакIалда щун ва хъолеб гIуж щун хъвезегIан.**

لَكُمْ فِيهَا مَنَٰفِعُ إِلَىٰٓ أَجَلٖ مُّسَمّٗى ثُمَّ مَحِلُّهَآ إِلَى ٱلۡبَيۡتِ ٱلۡعَتِيقِ ٣٣

Гьелда тIад рекIине бугьула, гьелъул рахьалдаса, квас-расалдаса мунпагIат босизе бегьула. **Цинги гьеб хъолеб бакIги КагIба рукъалда гIагарда ва мина абулеб бакIалда буго.**

**34. Дица щибаб умматалъе цоцо гIибадат гьабулеб бакI ва гIибадат гьабулеб къагIида гьабуна.**

وَلِكُلِّ أُمَّةٖ جَعَلۡنَا مَنسَكٗا لِّيَذۡكُرُواْ ٱسۡمَ ٱللَّهِ عَلَىٰ مَا رَزَقَهُم مِّنۢ بَهِيمَةِ ٱلۡأَنۡعَٰمِۗ فَإِلَٰهُكُمۡ إِلَٰهٞ وَٰحِدٞ فَلَهُۥٓ أَسۡلِمُواْۗ وَبَشِّرِ ٱلۡمُخۡبِتِينَ ٣٤

Ибрагьим аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَام бай бихьун Маккаялда бачун къурбан хъвейги гьабуна гIибадатлъун. **Гьел хъолел жалазда тIад Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **цIарги рехсезе, гьев разилъи тIалаб гьабунги хъвезе. Гьелдалъун Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щукруги гьабизе гьес ризкъилъун кьураб боцIиялда данде. Нужер БетIергьан Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **жив цогояв, цоги жинда релълъарав ва жинда ващадав гьечIев вуго.** Жиндие гIибадат гьабизе хIакъавги вуго. **Нуж гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мутIигIлъе ва гьесул амруялда нахърилълъа.** Купру-ширкги рикIкIад гьабе. **Дуца рохел бице МухIаммад** صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **хIелун хIинкъун рукIунел муъминзабазда гьезие алжан букIине буго абун.**

Шалха кколел гьел ﴿ٱلۡمُخۡبِتِينَ﴾ абуни, ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел баян гьарун абулеб буго.

**35. Гьел руго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **ракIалда щвараб мехалъ жидер ракIал хIинкъулел, тIуркIулел. Гьезда бачIараб къварилъи- балагьалдаги жидеца сабро гьабулел, хIукъукъал тIубан паризаял какал ралел.** ГIуж цIунун, жамагIат гьабун, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ракI хIузурлъун ва гьесдаса хIинкъун. **Дица ризкъилъун кьураб жоялдаса дун разилъи тIалаб гьабун напакъаги кьолел.**

ٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ ٱللَّهُ وَجِلَتۡ قُلُوبُهُمۡ وَٱلصَّٰبِرِينَ عَلَىٰ مَآ أَصَابَهُمۡ وَٱلۡمُقِيمِي ٱلصَّلَوٰةِ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٣٥

Садакъа кьолел, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин тIадегIан гьабизе гIоло боцIи харж гьабулел, цогидалги муъминзабазе мунпагIат бугеб бакIалда гьеб боцIи харж гьабулел.

**36. Нужеца къурбаналъе хъвезе кьолел чIахIиял, кьариял варанабиги гьаруна дица дир диналъул гIаламатлъун. Гьел**

وَٱلۡبُدۡنَ جَعَلۡنَٰهَا لَكُم مِّن شَعَٰٓئِرِ ٱللَّهِ لَكُمۡ فِيهَا خَيۡرٞۖ فَٱذۡكُرُواْ ٱسۡمَ ٱللَّهِ عَلَيۡهَا صَوَآفَّۖ

فَإِذَا وَجَبَتْ جُنُوبُهَا فَكُلُوا۟ مِنْهَا وَأَطْعِمُوا۟ ٱلْقَانِعَ وَٱلْمُعْتَرَّ ۚ كَذَٰلِكَ سَخَّرْنَٰهَا لَكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٣٦﴾

**варанабазулъ нужее лъикIлъи буго;** дунялалда гьездаса мунпагIат боси буго, ахираталда гьел садакъаде кьеялдалъун ажроги буго. **Нужеца Аллагьасул** ﷻ **цIар рехсе гьел варанаби хъвезе хIадур гьарун рахъун чIун ругеб мехалъ. Гьел хъун гIодоре рехидал ва гьезул гьан ччукIун хIадурун бугеб мехалъ, гьеб нужецаги кванай ва жинца гьарарасеги кье, гьаризе нечарав мискинасеги кье. Гьединго дица варанаби нужее квегъана тIад рекIун сапаралда рачине, гьезул рахь бечIч1изе ва гьел нигIматал нужее кьурав Аллагьасе** ﷻ **щукруги гьабизе.**

لَن يَنَالَ ٱللَّهَ لُحُومُهَا وَلَا دِمَآؤُهَا وَلَٰكِن يَنَالُهُ ٱلتَّقْوَىٰ مِنكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ سَخَّرَهَا لَكُمْ لِتُكَبِّرُوا۟ ٱللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَىٰكُمْ ۗ وَبَشِّرِ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٣٧﴾

**37. ТIадегIанав Аллагьасе гьел варанабазул гьан щоларо ва гьезул биги щоларо,** гьелда Аллагь ﷻ хIажатавги гьечIо. **Кинниги гьесда щолеб жо буго нуж Аллагьасе** ﷻ **мутIигIлъун, гьесдаса хIинкъун рукIин.** Гьеб буго кинабго инсанасда тIад лъураб таклифалъул мурад. **Гьедин квегъана дица нужее гьел варанаби ва цогидаб боцIиги: нужеца Аллагь** ﷻ **кIодо гьавизе ва гьесие рецц гьабизе нуж иманалда тIоритIиялда. Дуца алжаналдалъун рохел бице МухIаммад** ﷺ**, жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазда.**

إِنَّ ٱللَّهَ يُدَٰفِعُ عَنِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ خَوَّانٍ كَفُورٍ ﴿٣٨﴾

**38. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьас** ﷻ **муъминзабаздаса капурзабазул ва мушриказул зулму ва къварилъи нахъе чIвала, гьесие цIакъ вокьуларо жинца хиянат гьабулев ва нигIматазда инкар кколев чи.**

أُذِنَ لِلَّذِينَ يُقَٰتَلُونَ بِأَنَّهُمْ ظُلِمُوا۟ ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ نَصْرِهِمْ لَقَدِيرٌ ﴿٣٩﴾

**39. Жидее зулму гьабураб мехалъ, зулму гьабулел гIадамазда рагъизе изну кьуна Аллагьас** ﷻ. Рагъизе изну кьечIого **х1акълъунго жиндир муъминал лагъзадерие квербакъизе кIолев вуго Аллагь** ﷻ.

Кинниги Аллагьасе ﷻ бокьун буго гьел муъминзабазе ажро щвезе: гьез жигьад гьабун ва гьезие шагьидлъи щун.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гьаб аят буго жигьадалъул бицун рештIинарурал аятазул бищун цебе рештIараб. Гьаб аяталда рехсарал чагIи руго хирияв аварагги ﷺ ва Аллагь разилъаял асхIабзабиги. Маккаялъул мушриказ гьезие кутакаб къварилъи гьабулеб букIана.

Гьел асхIабзаби аварагасухъе ﷺ рачIунел рукIана жидеда ругънал гьарун, жал рухун унтизарун ва гьез аварагасдаса ﷺ тIалаб гьабулеб букIана жидее зулму гьабураздаса рецIел босизе изну кье абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезда абулеб букIана: «Нужеца сабро гьабе! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие изну кьун гьечIо гьезда рагъ гьабизе!»-абун. Цинги гьижра гьабун гьел Мадинаялда араб мехалъ рештIинабуна гьаб аят жигьад гьабизе изну кьун. Гьелдаса цебе лъабкъоялда анцIго аяталда жаниб аварагасда ﷺ нагью гьабун букIана гьел капурзабазда рагъ гьабуге абун.

**40. Жидее рагъ гьабизе изну кьурал муъминзаби руго щибго жидер гIайиб гьечIого ватIаналдаса къватIире рахъинарурал мугьажирал;** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ва жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабиги. **Гьез гьабулеб жо букIана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави ва гьесдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабунгутIи.** Гьаб исламияб диналда ахIулел рукIана Маккаялъул мушрикалги. Амма гьез хIакъикъияб дин босичIо, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавизеги мукIурлъичIо.

ٱلَّذِينَ أُخْرِجُوا۟ مِن دِيَـٰرِهِم بِغَيْرِ حَقٍّ إِلَّآ أَن يَقُولُوا۟ رَبُّنَا ٱللَّهُ ۗ وَلَوْلَا دَفْعُ ٱللَّهِ ٱلنَّاسَ بَعْضَهُم بِبَعْضٍ لَّهُدِّمَتْ صَوَٰمِعُ وَبِيَعٌ وَصَلَوَٰتٌ وَمَسَـٰجِدُ يُذْكَرُ فِيهَا ٱسْمُ ٱللَّهِ كَثِيرًا ۗ وَلَيَنصُرَنَّ ٱللَّهُ مَن يَنصُرُهُۥٓ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَقَوِىٌّ عَزِيزٌ ﴿٤٠﴾

**ТIадегIанав Аллагьасул гIадат букIинчIебани цо гIадамал цогидал гIадамаздалъун нахъе чIвалеб:** жидеца зулму гьабулел гIадамазда данде рахъун муъминзабаца рагъ балеб ва гьел купру-ширкалъул гIадамал жидер гIорхъода чIезарулеб. Гьеб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккураб къавмалъ ракьалда тIад цониги бакI тезе букIинчIо жинда жаниб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIар рехсолеб ва гьесие гIибадат гьабулеб. **Гьез чIунтизе гьаризе рукIана насраниязул килисабиги ягьудиязул сенагогалги, жидеда жаниб радалги бакъанидаги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIемер рехсолел бусурбабазул масжидалги. ХIакълъунго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квербакъи гьабизе буго гьесул диналъе ва аварагасе ﷺ квер бакъи гьабулел гIадамазе. ХIакълъунго Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго, жиндир хIал кIолъи камилавги вуго.** Гьесдаса щивго чи бергьуларо ва гьесие бокьараб жо гьабиялдаса гьев гIажиз гьавулеб щибго жо букIунаро.

**41. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее квер бакъи гьабулел муъминзаби руго жидее ракьалда тIад ханлъи ва бергьенлъи щваниги жал Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат**

ٱلَّذِينَ إِن مَّكَّنَّـٰهُمْ فِى ٱلْأَرْضِ أَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتَوُا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَمَرُوا۟ بِٱلْمَعْرُوفِ وَنَهَوْا۟ عَنِ ٱلْمُنكَرِ ۗ وَلِلَّهِ عَـٰقِبَةُ ٱلْأُمُورِ ﴿٤١﴾

**гьабиялда тIад чIолел,**
(мугьажиралги, ансаралги). Ва гьезда нахърилълъарал, гьез гьабураб лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабиги. **Жидеца паризаяб как балел, закатги кьолел, лъикIаб жоялдалъун амру гьабулел квешаб жо гьабиялдаса нахъеги чIвалел. Киналго умуразул ахир ва гьезул хIасил Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **буссунеб буго.**

وَإِن يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَعَادٌ وَثَمُودُ ﴿٤٢﴾

**42. Гьаб дур къавмалъ мун гьереси гьави ва гьез дуе къварилъи гьаби гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**. Дудаса цере рукIарал аварагзабиги** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьаруна ГIадилаз, Сумудияз ва НухIил къавмальги.**

وَقَوْمُ إِبْرَاهِيمَ وَقَوْمُ لُوطٍ ﴿٤٣﴾

**43. Ибрагьим ва ЛутI аварагасул** عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ **къавмалъги гьел гьереси гьаруна.**

وَأَصْحَابُ مَدْيَنَ وَكُذِّبَ مُوسَىٰ فَأَمْلَيْتُ لِلْكَافِرِينَ ثُمَّ أَخَذْتُهُمْ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ﴿٤٤﴾

**44. Мадян шагьаралъул ва ракьалъул къавмалъ ШугIайб авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьавуна. Муса аварагги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьавуна.**
Гьал гурел цогидал аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер къавмалъ гьереси гьаруна, гьезие къварилъиги гьабуна. **Дица гьел капурзаби гIазаб гьабичIого нахъе рахъун тун рукIуна, гьезие хIукму гьабураб заман щвезегIан. Цинги гьезие гIазаб гьабулеб мехалъ гучаб гIазаб ва гьалаглъи гьабуна. Кинха букIараб дица гьездехун гьабураб инкар?**
ЦIакъ унтизабулеб гIазаб гьабула дица. Гьезул минаби чIунтизарула, бечелъи тIагIизабула, гьезул агьло- хъизан ва жалгоги насло-тухум бакъвазабун гьалаг гьарула. Гьадинаб гIазаб гьабизе кIола МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьаб дур къавмалъеги. Дол цересел аварагазабаца عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ сабро гьабуна, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ тавакkалги тIамуна. Дуцаги, дур асхIабзабацаги сабро гьабе! Муъминзабазе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ квербакъи бач1изе букIин хIакъаб буго.

فَكَأَيِّن مِّن قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَاهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ فَهِيَ خَاوِيَةٌ عَلَىٰ عُرُوشِهَا وَبِئْرٍ مُّعَطَّلَةٍ وَقَصْرٍ مَّشِيدٍ ﴿٤٥﴾

**45. Чан гIемерал росабиха ругел дица жидер агьло гьалаг гьарурал, гьеб агьлуялъ зулму ва пасалъи гIемер гьабураб мехалъ.** Купру-ширк гьабун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккун, аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарун хьвадараб мехалъ. **Гьанже гьел росаби чIунтIун руго, тIохалги къедалги тIатIала ккун руго. Жидер**

**лъим гьекъечIого тарал гIемерал гъуял ва иццалги руго. Жанир гIадамал гьечIого риххун ва чIунтун руго кIудиял ва берцинал кIалгIаби.** Гьаб кинабго жо гIеларищ пикру гьабулев чиясе гьес гIибрат босизе ва жив кантIизе.

أَفَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَتَكُونَ لَهُمْ قُلُوبٌ يَعْقِلُونَ بِهَا أَوْ ءَاذَانٌ يَسْمَعُونَ بِهَا فَإِنَّهَا لَا تَعْمَى الْأَبْصَٰرُ وَلَٰكِن تَعْمَى الْقُلُوبُ الَّتِي فِي الصُّدُورِ ﴿٤٦﴾

**46. Гьаб Маккаялъул мушрикал даран-базар гьабизе сапаразда хьвадуларищ** ва гьезда бихьуларищ цересел умматал гьалаг гьарун нахъе хутIарал чIунтарал росаби ва шагьарал? **Гьезул жо бич1чIулел ракIалги гьечIищ, жидеда рагIулел гIундулги гьечIищ?**
Гьезда Аллагь ﷻ цо вукIин лъазе рес бугел гIемерал далилал рихьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ?
**Х1акълъунго гьел мушрикал жидер берал бецлал гьечIо, кинниги гьел руго каранда жанир ругел ракIал бецлал.** Бищунго квешаб ва захIматаб жо буго инсанасул ракI бецлаб букIин.

وَيَسْتَعْجِلُونَكَ بِالْعَذَابِ وَلَن يُخْلِفَ اللَّهُ وَعْدَهُ وَإِنَّ يَوْمًا عِندَ رَبِّكَ كَأَلْفِ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّونَ ﴿٤٧﴾

**47. Мушриказ дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее гьабулеб гIазаб бачун хехго вачIа абун.** Дуда божичIого, мун махсароде гьавун абулеб раг1и буго гьеб. **Ва амма Аллагьасул къотIи хIакъаб буго ва гьел мушриказе Аллагьас ﷻ гIазаб гьабизе буго, гьес жиндир къот1и хвезабизе гьеч1о.** Гьеб гIазаб гьабизе цIараб заман ва къадар гьабураб гIуж букIуна БетIергьан Аллагьасул.
**Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьасе цохIо къогIадин дагьаб жо буго нужеца азарго сонлъун рикIкIунеб заманги.** Гьедин бугелъул Аллагь ﷻ гIедегIуларо гIазаб гьабизе. Гьесул рахIмат цIик1кIараб буго. Сабро кIудияб буго. Хасго муъминзабазе гIазаб хех гьабуларев, гьезие тавбо гьабизе заман кьолев вуго БетIергьан Аллагь ﷻ.

وَكَأَيِّن مِّن قَرْيَةٍ أَمْلَيْتُ لَهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ ثُمَّ أَخَذْتُهَا وَإِلَيَّ الْمَصِيرُ ﴿٤٨﴾

**48. ГIемерал росаби руго жидер агьлоялъ зулму гьабулеб бугониги дица жал гьалаг гьаричIого нахъе рахъун тун рукIарал.**
Гьез тавбо гьабичIо, Аллагьасдаса ﷻ хIинкъичIо, жидерго купру-ширкалда чIана ва дир гурхIел цIобалъ гьел гуккана. Гьезда ракIалда ккана жал гьадин рахIат-лазатлда рукIинин кидаго абун. **Цинги дица гьел гьалаг гьаруна,** гьезул хабар бицунев чиги нахъе хутIичIо. **Гьадин дида руссине руго киналго умматал ва къавмал.** Ва

ахираталда дица гьезул гІамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго щивав чиясе.

Гьал аятал руго Маккаялъул мушриказе вагІза гьабун ва гьезие хІинкъи кьун рештІизарурал. Гьел кантІизарулел руго ТІадегІанав Аллагьасул хІал кІой гучаб букІиналда ва гьесул гІазабалдаса щивго чи ворчІизе гьечІолъиялда.

قُلۡ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنَّمَآ أَنَا۠ لَكُمۡ نَذِيرٞ مُّبِينٞ ٤٩

**49. Дуца абе МухІаммад ﷺ: «Я гьал гІадамал! Х1акълъунго Дун Аллагьас ﷻ нужее хІинкъи кьезе витІарав авараг вуго.** Дица нужеда бицулеб жоги щибго жиндилъ щаклъи гьечІеб амру буго». Дир ихтияралда гьечІо нужее гІазаб гьаби, гьеб хех гьаби яги гьабичІого тей. Гьеб кинабго жо буго ТІадегІанав Аллагьасда ﷻ кодоб.

فَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُم مَّغۡفِرَةٞ وَرِزۡقٞ كَرِيمٞ ٥٠

**50. Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман лъун, авараг ﷺ ритІухъ гьавун, лъикІаб гІамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьасул ﷻ рахъалъан мунагьал рахчи ва хирияб алжан буго.**

ТІадегІанав Аллагьас гІемерал аятазда жаниб рехсон буго: «Жидеца иманги лъун лъикІаб гІамал гьабурал гІадамазе мунагьал рахчи (тІаса лъугьи) ва алжан буго»-абун. Жиндилъ пикру гьабизе кколеб рагІи буго гьаб. ЦохІого иман лъеялдалъун Аллагьас ﷻ мунагьал рахчи ва алжан бук1ин къотІи гьабун гьечІо; иман лъечІого гьабураб лъикІаб гІамал гІадада хвараб букІинги мухІканаб масъала буго. Аллагь ﷻ гурхІизе ккани, гьев мунагьазда тІасаги лъугьизе ккани ва ахираталда алжанги кьезе ккани шартІ буго иманалъул ва исламалъул арканал цадахъ рукІин. Иман буго ракІил пиша. Ислам буго лугбузул пиша. Гьаб кІиябго г1амал цадахъ бугев чи вуго Аллагь ﷻ гурхІилин абун хьул лъезе бегьулев.

وَٱلَّذِينَ سَعَوۡاْ فِيٓ ءَايَٰتِنَا مُعَٰجِزِينَ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَحِيمِ ٥١

51. Аллагьасда ﷻ иман лъечІого, гьесул Къуръан гьереси гьабун, **Аллагьасул ﷻ диналъул нур свинабизе ва гьеб къезабизе бокьун хьвадулел мушрикал руго даимго рукІинелъун жужахІалда лъугьинарулел гьеб жужахІалъул агьлу.**

وَمَآ أَرۡسَلۡنَا مِن قَبۡلِكَ مِن رَّسُولٖ وَلَا نَبِيٍّ إِلَّآ إِذَا تَمَنَّىٰٓ أَلۡقَى ٱلشَّيۡطَٰنُ فِيٓ أُمۡنِيَّتِهِۦ

**52. Дица дудасан цере аваргзаби عليهم السلام ритІичІо МухІаммад ﷺ, жидее цо жо бокьараб мехалъ ва жидеца гьелда**

فَيَنسَخُ ٱللَّهُ مَا يُلۡقِي ٱلشَّيۡطَٰنُ ثُمَّ يُحۡكِمُ ٱللَّهُ ءَايَٰتِهِۦۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ٥٢

**къасдги гьабураб мехалъ щайтIаналъ гьезул рак1илъ вас-васал рехун рукIун гурони.**

Гьел аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер уммат хIакъаб диналда тIобитIизе бокьун хьвадараб мехалъ гьезул дагIваталъул нухда данде лъугьун щайтIаналъ гIадамазул рекIелъ купру-ширк бокьи, гьел аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьари ва гьел махсароде гьари реххун.

Цинги аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рекIелъги пашманлъи лъугьуна жидер дагIват къабул гьабулеб гьечIин, жидер рисалатги квербакъи гьечIого хут1улеб бугин абун. Гьаб пикруги аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рекъараб гьечIо. Гьезда тIад гьабураб жо буго умматалда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезаби. Гьеб умматалъ рисалат къабул гьабичIин абун аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ пашманлъизе кколаро. Уммат иманалда тIобитIи гьезул ихтияралда гьечIо. Гьеб буго цохIо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму ва къадар. Гьадинаб ракI пашманлъи гIадаб жоялдасаги аварагзабаца عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ тавбо ва истигъфар гьабулеб букIана.

**ТIадегIанав Аллагьас аварагзабаздаса عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьеб щайтIаналъул вас-вас тIаса инзабуна. Ва жив цIохIо вукIиналъул, жиндир хIалкIолъи гучаб букIиналъул, жиндир хIукму-къадар щаклъи гьечIеб, жиб лъидаго нахъе чIвазе кIолареб амру букIиналъул хIукму ва далил гьезул ракIазулъ камил гьабула. Х1акълъунго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда кинабго жоялъул хIукму лъалев вуго, жиндир пишабазулъ хIикмат-пайда бугеб жо гьабулев вуго.**

АбусагIудица абуна: Гьаб аяталда жаниб далил буго щайтIаналъ аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ракIалда вас-вас рехизе, гьел сагьвил гьаризе яхI бахъулеб букIиналда ва ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьеб щайтIаналъул заралалдаса цIунулел рукIиналдаги.

لِّيَجۡعَلَ مَا يُلۡقِي ٱلشَّيۡطَٰنُ فِتۡنَةٗ لِّلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٞ وَٱلۡقَاسِيَةِ قُلُوبُهُمۡۗ وَإِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ لَفِي شِقَاقِۭ بَعِيدٖ ٥٣

**53. Гьаб щайтIаналъул квешаб гIамал ТIадегIанав Аллагьас гьабун буго иман загIипал гIадамазе, жидер ракIилъ унти бугел мунапикъзабазе, ва жал цIакъго къосарал, жидер ракI ссогIал капурзабазеги питналъун букIине.**

Гьел гьеб щайтIаналда нахърилълъула ва гьелъ малъараб жо берцин бихьун хьвадула. **Х1акълъунго, гьал мунапикъзаби ва капурзаби Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул аварагзабаде тушманлъи бугел, жидер тушманлъи ва гIасилъи гучал руго.**

وَلِيَعۡلَمَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَ أَنَّهُ ٱلۡحَقُّ

**54. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее гIелму-гIакъло кьурал гIадамаздаги бич1чIизе ва лъазе**

مِن رَّبِّكَ فَيُؤْمِنُواْ بِهِۦ فَتُخْبِتَ لَهُۥ قُلُوبُهُمْۗ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهَادِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ٥٤

**х1акълъунго гьаб Къуръан дур БетIергьан Аллагьас рештIинабураб, гьесул хIакъаб калам букIин ва гьелда иман лъезе, гьезул ракIал Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун, гьесие хIелун рукIизе.**
**Х1ахълъунго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеца иман лъурал гIадамал хIакъаб диналда ва битIараб исламияб нухда тIоритIула.**

وَلَا يَزَالُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فِي مِرْيَةٍ مِّنْهُ حَتَّىٰ تَأْتِيَهُمُ ٱلسَّاعَةُ بَغْتَةً أَوْ يَأْتِيَهُمْ عَذَابُ يَوْمٍ عَقِيمٍ ٥٥

**55. Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул аварагасдаги инкар ккурал гIадамал къиямасеб къо щвезегIан гьаб Къуръаналъулъ щакдарулел, хIакъаб дин бокьуларел, гьелда божуларел рукIине руго. Гьеб хIалалда рукIадго, жидеда ракIалдаго гьечIого, къиямасеб къо ва гьелъул гучаб гIазаб гьезда щвезе буго.**

КъуртIуби абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас цересел умматал гьалаг гьаруна гьел бищунго дунялалда ракIгъун, гьелда божун, бечелъи, рахIат-лазаталда жанир тIерхьун жал ругеб мехалъ. Гьеб буго инсан цIакъ Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ гъапуллъараб заман. Гьеб хIалалда жив вукIаго гьалаглъи тIаде бачIараб мехалъ инсанасда чIолеб къо, гьесда бачIунеб къварилъи жиб бицине кIолареб, жиндие сипат гьабизе лъалареб букIуна. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматаздалъун гуккун рукIин муъминзабазул гIамал гьечIо. НигIматал гIемерлъанагIан щукру гIемер гьабизе ккола ва гьел нигIматал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ балагьлъун, гIазаблъун сверизариялдаса хIинкъун рукIине ккола.

АбусагIудица абуна: Гьаб аяталда жаниб къиямасеб къоялда цIар тана ﴿يَوْمٍ عَقِيمٍ﴾ абун. (рахIму бакъвараб, лъимер гьечIеб). Гьелъул магIна буго дунялалъул къоял цоялда хадур цогидал рачIулел ругелъул, цо къоялъ цогидаб къо гьабураб гIадин букIула. Къиямасеб къо жинда хадуб цоги къо гьечIеб бугелъул гьелда цIар тана «жиндир рахIму бакъвараб къо»-абун.

ٱلْمُلْكُ يَوْمَئِذٍ لِّلَّهِ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْۚ فَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فِي جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ٥٦

**56. Гьеб къиямасеб къоялъул кинабго ханлъи Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.**
Гьеб къоялъ кинабгIаги ханлъи ва маликлъи букIунаро цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тун батIияв чиясе. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ халкъалда гьоркьоб хIукму гьабула,** хIисаб-мизан гьабун муъиминзаби ва капурзаби батIа гьарула. **Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел рукIарал муъминзаби нигIматазул алжаналда**

**лъугьизарула.**

**57. Аллагьасда** ﷻ **инкар ккун, гьесул Къуръан ва мугIжизатал гьереси гьарун хьвдарал гIадамазе жал гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине буго.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَكَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَا فَأُوْلَٰٓئِكَ لَهُمۡ عَذَابٞ مُّهِينٞ ٥٧

**58. Аллагьасул** ﷻ **диналъе гIоло гьижра гьабурал,** гьеб дин тIадегIан гьабизе жидеца ватIан тун къватIире ун гъазаватги гьабурал, **цинги жал гьеб гъазаваталда чIван, яги жидерго рукъор рукIун бусада регун хварал гIадамазе, Бичасх1аги, Аллагьас** ﷻ **гьезие алжаналъул нигIматал кьезе руго. ХIакълъунго Аллагь** ﷻ **вуго жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикIав.**

وَٱلَّذِينَ هَاجَرُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ ثُمَّ قُتِلُوٓاْ أَوۡ مَاتُواْ لَيَرۡزُقَنَّهُمُ ٱللَّهُ رِزۡقًا حَسَنٗاۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهُوَ خَيۡرُ ٱلرَّٰزِقِينَ ٥٨

**59. БичасхIаги, Аллагьас** ﷻ **гьел лъугьизарула жал разилъулеб алжаналда жанир. Х1акълъунго, Аллагь** ﷻ **жинда лагъзадерил кинабго гIамал лъалев ва муъминзабазда жив гурхIулев вуго.**

لَيُدۡخِلَنَّهُم مُّدۡخَلٗا يَرۡضَوۡنَهُۥۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَعَلِيمٌ حَلِيمٞ ٥٩

**60. Гьадин буго Т1адег1анав Аллагьасул х1укму. Жинца залимчиясе гьес жиндие гьабураб зулмуялда релълъараб жазаъ гьабурав чиясе, цингиги гьев залимас жиндехун тушманлъи гьабураб мехалъ, Аллагьас** ﷻ **гьесие квербакъи гьабизе буго.**

۞ذَٰلِكَۖ وَمَنۡ عَاقَبَ بِمِثۡلِ مَا عُوقِبَ بِهِۦ ثُمَّ بُغِيَ عَلَيۡهِ لَيَنصُرَنَّهُ ٱللَّهُۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَعَفُوٌّ غَفُورٞ ٦٠

Гьаб аяталъул маг1на буго: цо чиясе зулму гьабураб мехалъ гьев жинца зулму гьабурав чиясе жаваб кьун, гьесул зулму нахъч1ван тамих1 ва г1акъуб гьабизе бегьула. Гьадин тамих1 гьабун хадувги дов жинца зулму гьабулев чи ч1олев гьеч1они, Аллагьас ﷻ жинда рагъ гьабулев муъминчиясе квербакъи гьабизе буго. **Х1акълъунго, Аллагь** ﷻ **мунагьал рахчулев ва жив тIаса лъугьулев вуго.**

**61. Гьаб амру гьадин буго Х1акълъунго ТIадегIанв Аллагь вукIин сабаблъун** жиндир гуч бергьарав хан: **Жинца сордо къоялда жаниб лъугьинабулев вуго гьев Аллагь** ﷻ **ва къо сордоялда жаниб лъугьинабулевги вуго.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ يُولِجُ ٱلَّيۡلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَيُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيۡلِ وَأَنَّ ٱللَّهَ سَمِيعُۢ بَصِيرٞ ٦١

Риидал ва кьиндал сордо-къоялъул халалъи хисула, цояб кIодолъун

цояб гьитIинлъула. **Х1акълъунго, Аллагь** ﷻ **жинда лагъзадерил рагIи рагIулев ва гьезул гIамал бихьулев вуго.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْحَقُّ وَأَنَّ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ هُوَ ٱلْبَٰطِلُ وَأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْعَلِىُّ ٱلْكَبِيرُ ﴿٦٢﴾

**62. Гьаб амру гьадин буго. Гьев Аллагь** ﷻ **жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан вук1иналъ. Мушриказ гьев Аллагьги** ﷻ **тун жидее лагълъи гьабулел алагьзаби батIулал, гьересиял жал рук1иналъги. Х1акълъунго, Аллагь вуго жив ТIадегIанав ва жиндир къуват- гуч кIудияв хан.**

Гьесда бащадаб щибго жо гьечIо, гьесдахун гIахьаллъи гьабулеб кинабгIаги къуват ва ханлъи гьечIо.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَتُصْبِحُ ٱلْأَرْضُ مُخْضَرَّةً ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَطِيفٌ خَبِيرٌ ﴿٦٣﴾

**63. Дуда лъаларищ я гьав инсан, ТIадегIанав Аллагь вук1ин жинца зодисан цIад рештIизабулев. Цинги гьеб цIадалдалъун ракьалда тIад ах-хур бижула ва гьеб г1урчинлъун берцинлъун, бечелъун лъугьуна, жиб бакъвараб букIун хадуб. Х1акълъунго, Аллагь жив гурхIулев, жинда лагъзадерил ахIвалал ва гьезул маслахIатал лъалев вуго.**

لَّهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهُوَ ٱلْغَنِىُّ ٱلْحَمِيدُ ﴿٦٤﴾

**64. Гьев БетIаргьан Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Х1акълъунго, Аллагь вуго кинабго хIалалъулъ жив веццарав, гьев бечедавги вуго,-** щибго жоялда жив хIажалъуларев, жинда кинабго жо хIажатав.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ سَخَّرَ لَكُم مَّا فِى ٱلْأَرْضِ وَٱلْفُلْكَ تَجْرِى فِى ٱلْبَحْرِ بِأَمْرِهِۦ وَيُمْسِكُ ٱلسَّمَآءَ أَن تَقَعَ عَلَى ٱلْأَرْضِ إِلَّا بِإِذْنِهِۦٓ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ بِٱلنَّاسِ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿٦٥﴾

**65. Дуда бихьуларищ ва лъаларищ, я гьав инсан, х1акълъунго гьев Аллагь** ﷻ **вукIин нужее ракьалда тIад бугеб кинабго жо квегъарав. Аллагьасул** ﷻ **амруялдалъун ралъадалда тIад хьвадулел гумиги квегъана нужее. Ракьалда тIаде рорхун зобалги чIезарун руго гьесул амруялдалъун. Гьел зобал гIодоре ртуларел гьарун руго, Аллагьасул** ﷻ **изнуялдалъун гурони.** къиямасеб къо чIолеб мехалъ сукIун нахъе росун гурони. **Х1акълъунго, ТIадегIанв Аллагь гIадамазда цIакъ гурхIулев вуго.** Гьесул гурхIел цIобалдаса буго нужее ракьалда тIад магIишат-яшав гьабизе сабабал рекъезари. Гьедин бугелъул гьев Аллагьасе ﷻ кидаго щукру гьабизе

тIадаб буго.

وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَحۡيَاكُمۡ ثُمَّ يُمِيتُكُمۡ ثُمَّ يُحۡيِيكُمۡۗ إِنَّ ٱلۡإِنسَٰنَ لَكَفُورٞ ٦٦

**66. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер БетIергьан, жинца нуж чIаго гьарурав** щибго жо гьечIого букIараб бакIалда. **Цинги жинца нуж хвезеги гьарулев ва ахираталда чIаго гьарун тIадеги рахъизарулев. Х1акълъунго, инсан вуго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазда инкар кколев, гьезда щукру гьабуларев.**

Гьав инсан вуго купру-ширкалда жив вугев. Гьазда бадиб чIвай гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: Мун вижарав, дуе ризкъи кьолев, ахираталда мун тIаде вахъизавун а хIисаб- мизан ва жазаъ гьабулев,- гьев БетIаргьан Аллагьасдаса хIинкъичIого, гьесие гIибадат гьабичIого, гьесдехун ширк кин гьабулеб ва цоги алагьзабазе ва хъанчазе лагълъи кин гьабулеб абун.

لِّكُلِّ أُمَّةٖ جَعَلۡنَا مَنسَكًا هُمۡ نَاسِكُوهُۖ فَلَا يُنَٰزِعُنَّكَ فِي ٱلۡأَمۡرِۚ وَٱدۡعُ إِلَىٰ رَبِّكَۖ إِنَّكَ لَعَلَىٰ هُدٗى مُّسۡتَقِيمٖ ٦٧

**67. Дица щибаб умматалъе ва къавмалъе гьезда хасаб гIибадат ва шаригIат гьабуна.**

Щивав аварагасда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ хасаб шаригIат гьабуна, амма киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва киналго шаригIатал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялдалъун ва гьесие гIибадат гьабиялдалъун рачIарал рукIана. **Дуда дагIба гьабуге абе гьел Маккаялъул мушриказ! Дуда рештIинабураб Къуръан ва мун жиндалъун витIараб исламияб динги гьелда данде къец гьабизе рес гьечIеб хIакъаб дин буго. Дуца гьел гIадамал ахIе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда ва битIараб исламияб диналда. Х1акълъунго, мун жинца алжаналда рачулеб битIараб нухда вуго.** Гьеб буго исламияб дин.

وَإِن جَٰدَلُوكَ فَقُلِ ٱللَّهُ أَعۡلَمُ بِمَا تَعۡمَلُونَ ٦٨

**68. Дудехун гьел мушрикаца дагIба гьабулеб бугони, дуца гьезда абе МехIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъик1 лъалев вугин нужеца гьабулеб гIамал.**

ٱللَّهُ يَحۡكُمُ بَيۡنَكُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ فِيمَا كُنتُمۡ فِيهِ تَخۡتَلِفُونَ ٦٩

**69. ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къоялъ хIукму гьабизе буго нужеда гьоркьоб бугеб хилапалъул.**

Муъминзабиги капурзабиги батIа гьаризе руго, гьезие жидер гIамалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

أَلَمۡ تَعۡلَمۡ أَنَّ ٱللَّهَ يَعۡلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَآءِ

**70. Дуда лъала гурищ, МухIаммад**

وَٱلۡأَرۡضِۚ إِنَّ ذَٰلِكَ فِي كِتَٰبٍۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٞ ٧٠

**ﷺ, Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вукIин зобал-ракьазда жаниб бугеб жо жинда лъалев. Х1акълъунго гьеб кинабго лавхIул-махIфузалда хъванги буго. Х1акълъунго гьаб киналъулго гIадло-низам гьаби ва гьезие жазаъ гьаби Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ бигьаяб ишги буго.**

وَيَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَمۡ يُنَزِّلۡ بِهِۦ سُلۡطَٰنٗا وَمَا لَيۡسَ لَهُم بِهِۦ عِلۡمٞۗ وَمَا لِلظَّٰلِمِينَ مِن نَّصِيرٖ ٧١

**71. Мушрикаца жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ гьабичIого гьеб гьабулеб буго гьезие гIибадат гьабиялъе щибго хIужжа-далил гьеч1ел ва щибго жидер гьунар гьечIел хъанчазе.**

**Гьеб гIибадат гьабулел рукIин гуреб жидер щибго гIелму-лъайги гьечIо.** Ва жидеца гьабулеб жо жидедаго бич1чIулебги гьечIо. **Гьел мушриказе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб нахъе чIвазе кIолев щивго чи вукIизе гьечIо.** Гьел алагьзабазги гьезие щибго квербакъи гьабизе гьечIо.

وَإِذَا تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتُنَا بَيِّنَٰتٖ تَعۡرِفُ فِي وُجُوهِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ ٱلۡمُنكَرَۖ يَكَادُونَ يَسۡطُونَ بِٱلَّذِينَ يَتۡلُونَ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتِنَاۗ قُلۡ أَفَأُنَبِّئُكُم بِشَرّٖ مِّن ذَٰلِكُمُۚ ٱلنَّارُ وَعَدَهَا ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْۖ وَبِئۡسَ ٱلۡمَصِيرُ ٧٢

**72. Дир Къуръаналъул баянал ва мухIканал аятал цIалараб мехалъ, гьезул гьумералда дуда бихьулеб буго МухIаммад ﷺ, гьеб Къуръан рихиялъул ва гьелда инкар кквеялъул асар. Гьел гIагарлъулел руго жидеца Къуръан цIалулел муъминзабазда рагъизе ва кьабизе. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: дица бицилищ нужеца муъминзабазе гьабулеб къварилъиялдасаги квешаб жо щиб бугеб? Гьеб буго жужахIалъул цIа, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капурзабазе жиб къотIи гьабураб. ЦIакъ квешаб бакI буго гьеб жужахI жинда жанир руссизе.**

Гьел купру-ширкалъул гIадамаз нужее къварилъи гьабуниги нужеца гьелда сабро гьабе. Гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIадурун бугеб гIазаб цIакъ гучаб буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ضُرِبَ مَثَلٞ فَٱسۡتَمِعُواْ لَهُۥٓۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَن يَخۡلُقُواْ ذُبَابٗا وَلَوِ ٱجۡتَمَعُواْ لَهُۥۖ وَإِن يَسۡلُبۡهُمُ ٱلذُّبَابُ شَيۡـٔٗا لَّا يَسۡتَنقِذُوهُ مِنۡهُۚ ضَعُفَ ٱلطَّالِبُ وَٱلۡمَطۡلُوبُ ٧٣

**73. Я гьал гIадамал! Нужее цо кици тIамулеб буго Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабулел хъанчазул хIакъалъулъ, нуж гьелда гIенекке ва гьелъул пикру гьабе! Х1акълъунго Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ гьабичIого нужеца**

**гIибадат гьабулел хъанчал руго жидеда цохIо тIутIцин бижизе кIоларел. Гьел хъанчал ва алагьзаби цадахъ лъугьун хIалтIаниги** кIоларо гьезда гьедигIанго загIипаб тIутIцин бижизе.
ГIакъло бугел гIадамаз гьединаб хъанчалъе лагълъи кин гьабулеб жал рижарав, жидее ризкъи кьолев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабичIого!
**Нагагь гьеб тIутIалъ хъанчазда тIад бахараб нах ва махI гьуинаб жо босун ани гьелъухъан гьеб бахъизеги хIал кIоларо гьел хъанчазул. ЦIакъ загIипаб, хIакъираб жо буго инсанас жиндие лагълъи гьабулеб хъанч. Гьединавго загIипав ва хIакъирав вуго гьеб хъанчие лагълъи гьабулев инсанги.** Жиндир гIакъло гьечIев вукIун, жинца гьабулеб жо щиб бугеб лъаларев вукIун.

**74. Гьел мушриказ ТIадегIанав Аллагьасул къадро лъан гьесие букIизе кколеб къадро-къимат гьабулеб гьечIо,** гьесдаса хIинкъун гIибадатги гьабулеб гьечIо. **ХIакълъунго Аллагь цIакъ гуч бергьарав, кинабго бергьенлъи жиндие бугев вуго.**

مَا قَدَرُوا۟ ٱللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِۦٓ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَقَوِىٌّ عَزِيزٌ ﴿٧٤﴾

Гьесул гIазабги жиб лъидаго хIехьезе кIолареб буго. Гьеб гIазаб мушриказе букIинги хIакъаб буго.

**75. ТIадегIанав Аллагьас малаикзабаздаса рищула аварагзабазда** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **жиндир вахIю щвезабизе ритIулел** Жабраил малаик гIадал **малаикзаби. Гьединго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гIадамазда гьоркьоса вищула авараглъун витIулев чиги.**

ٱللَّهُ يَصْطَفِى مِنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ ٱلنَّاسِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌۢ بَصِيرٌ ﴿٧٥﴾

Гьаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIадат жиндир вахIю ва дин умматалде щвезабиялъулъ. ИнкарчагIаца тIалаб гьабураб хIалалъ малаикзби ритIуларо гIадамазда дин малъизе расулаллъун. **Х1акълъунго, Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьел мушрикаца бицулеб хабар рагIулев ва жинца гьабулеб гIамал ва хIукму- къадар жинда лъалев вуго.** Гьев гIакълу чагIазда хIажалъуларо.

**76. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда лъалев вуго гьанжелъизегIан цебехун букIараб жо, гьанже бугебги, дунял ахирлъизегIан букIунеб ва цинги ахираталда букIунеб жоги. Гьев Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **буго кинабго амруялъул буссин ва ахир.**

يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ ۗ وَإِلَى ٱللَّهِ تُرْجَعُ ٱلْأُمُورُ ﴿٧٦﴾

**77. Я гьал иман лъурал гIадамал!**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱرْكَعُوا۟ وَٱسْجُدُوا۟

وَٱعۡبُدُواْ رَبَّكُمۡ وَٱفۡعَلُواْ ٱلۡخَيۡرَ
لَعَلَّكُمۡ تُفۡلِحُونَ ۩ ٧٧

**Нужеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабе гьесие рукугI ва сужда гьабун, гьесул амру-нагью тIубан, шаргIалъул гIорхъаби цIунун. Нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамалги гьабе.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилъун гьесул суннат тIубан, садакъа-хайрат гьабун, мискин пакъирасда, загIипасда гурхIун хьваде. ГIагарлъиялда, мадогьаллъиялда гьоркьоб гурхIел-рахIму гьабе. **Гьедин хьвадани нужер лъикIлъиялда кверщел батизе буго ва нужее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва гьесул алжанал щвезе руго.**

Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.

وَجَٰهِدُواْ فِي ٱللَّهِ حَقَّ جِهَادِهِۦۚ هُوَ
ٱجۡتَبَىٰكُمۡ وَمَا جَعَلَ عَلَيۡكُمۡ فِي
ٱلدِّينِ مِنۡ حَرَجٖۚ مِّلَّةَ أَبِيكُمۡ إِبۡرَٰهِيمَۚ هُوَ
سَمَّىٰكُمُ ٱلۡمُسۡلِمِينَ مِن قَبۡلُ وَفِي هَٰذَا
لِيَكُونَ ٱلرَّسُولُ شَهِيدًا عَلَيۡكُمۡ وَتَكُونُواْ
شُهَدَآءَ عَلَى ٱلنَّاسِۚ فَأَقِيمُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُواْ
ٱلزَّكَوٰةَ وَٱعۡتَصِمُواْ بِٱللَّهِ هُوَ مَوۡلَىٰكُمۡۖ فَنِعۡمَ
ٱلۡمَوۡلَىٰ وَنِعۡمَ ٱلنَّصِيرُ ٧٨

**78. Нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин тIадегIан гьабиялъе гIоло хIал кIвараб яхI бахъе.**

Нужерго напсаздалъун, боцIи-малалдалъун ракьалда тIад цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьаби букIинабиялъе гIоло хIалтIе нуж. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж тIаса рищун руго гьаб ракьалда тIад цохIо гьесул дин букIинабиялъе.** Нужеда бищунго хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ витIун вуго, хирияб Къуръанги рештIизабун буго, гьалдаса цере дунялалда рукIарал умматаздаса бищунго хирияллъунги гьарун руго нуж.

Исламияб диналда тIоритIун, гьеб дин кинабго халкъалъухье щвезаби тIаде къан, гIелму-гIакълуги кьун, боцIи-мал, сахлъи ва гьунар-къуват кьун рижун руго нуж Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Ва амма нуж дунялалъ гуккун руго, нужер дин долорал-гъуршал руго, нужеца гIадамал разилъи тIалаб гьабулеб буго, нуж щайтIаналда нахърилъун гьелъул суннат тIубалел руго. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло боцIи-мал ва напс хIалтIизабизе нужеда ракIалдаго щолеб гьечIо, гьелда нуж ахIулев чиги нужер бищун кIудияв тушман вуго.

Гьаб дунялалда тIад бусурбабазул би гIодобе тIей гIемерлъун буго. Гьеб бусурбабазул би гьабун буго жиндир щибго къимат гьеч1еб, жиндие рец1ел босулареб жолъун. Кинабго бакIалда купру-ширкалъул агьло данделъун, гьел цоцазде рекъон бусарбаби чIвалел руго, гьезул ракьалги рахъулел руго, гьел инжитги гьарулел руго.

Бусурбабазда капурзабаца лъураб цIар «Террористал» буго, гьеб цIар ритIухъ гьабун, гьел капурзабигун цадахъ лъугьун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ

цо гьавиялда, гьесул дин ракьалда букIинабиялда тIад хIалтIулел муъминзаби ракьалдаса тIагIинаризе хIалтIулел «бусурбаби» абун жидеда цIар бугел мунапикъзабиги руго.

Америкаялъ Г1иракъ кодобе босана, гьезул росаби ва шагьарал рух1ана, г1емерал бусурбаби ч1вана, г1емерал г1олохъаби квешал туснахъазда жанир т1амун вах1шияб х1алалъ жидее г1акъуба-г1азаб гьабулелги руго. Кубаялъул ракьалда хассаб туснахъ г1уц1ун, террористал абун ц1арги лъун, гьенир жанир т1амулел руго бусурбабазул г1олохъаби.

ГIажамиял улкабазда ругел, жидер ихтиярал кодоса рахъун капурал пачалихъазул колонияллъун гьарун ругел бусурбабазул гIисинал ракьазда тIад ругел муъминзабазда гьабизе кIолеб жоги гьечIо. Гьел бусурбабазда тIад гучаб хъаравуллъи гьабун, гьез исламияб диналда ва тушбабазул ханлъи тIаса инзабиялда халкъ ахIизе гурин абун хIинкъун кинабго жидер къуват-гуч цолъизе гьабун капурзаби, ва мунафикъзаби гьел бусурбабаде тIаделъун руго. Гьел туснахъ гьарулел руго, гьезул гIолохъаби рухун хвезарулел руго, гьезул боцIи-мал бахъулеб буго.

Гьаб кинабго иш ТIадегIанав Аллагьасда бихьулеб ва лъалеб букIин хIакъаб, щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб амру буго. ТIадегIанав Аллагьас жиндир диналъе квер бакъиги гьабизе буго, гьеб диналъе квер бакъи гьабизе бокьун жидеца жигьад гьабурал ва жидее зулму къварилъи гьабурал муъминзаби, шагьидзаби алжаназул нигIматазулъ рукIизе руго. Гьеб исламияб диналъул тушбабигун цадахъ рекъон хIалтIарал, жидеца Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ гуреб гIадамаздаса хIинкъи тIаса бищарал мунапикъзаби абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго.

Я гьал гIадамал! Нуж кантIе! Нужеца берал рагье! Нуж щивгун цадахъ ва щиб дин гьабулелдай ругоян пикру гьабе. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги гьаб паналъулеб дунялалъул дагьалго къоязул рахIат-лазат тIаса бищун абадияб гIазабалда кколеллъун рукIиналдаса.

**ТIадегIанав Аллагьас нужее дин гьабун буго жинда жаниб захIмалъи гьечIеб.** Нужеда гьабизе кIолареб жо тIад къан гьечIо. **Гьеб дин буго нужер кIудияв эмен Ибрагьам аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьабулеб букIараб бацIадаб исламияб дин.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабулеб. **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужеда цIар лъун буго цересел тIахьаздаги, гьаб Къуръаналда жанибги «Муслимунал» абун.** Гьеб рагIиялъул магIна буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда мутIигIлъун, гьесул амруялда нахърилълъарал абураб. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужеда лъураб цIаралъул къадро цIуне ва нуж гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда тIадчIун хьваде. **Исламияб уммат Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабун буго гьесда**

**цебе жидее аварагас нугIлъи гьабулеблъун гьезухъе рисалат щвезабуна абун. Цинги гьеб исламияб умматалъ нугIлъи гьабизе буго цогидал умматазухъе гьезул аварагзабацаги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рисалат щвезабуна абун.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж гьадин хира гьарун ругелъул, нужер даража цогидал умматазул даражаялдаса тIокI гьабунги бугелъул: **Нужеца паризаял какал камилаб хIалалъ рай, боцIудаса закатги кье. Кинабго нужер амруялъулъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божун, гьесул квербакъи тIалаб гьабун рукIа. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер БетIергьан ва гьев жидеца квер бакъулезул бищунго лъикIав вуго ва жив валилъун вукIине, жинда божун ва хьуллъун рукIине лъикIав вуго.**

ТIадегIанав Аллагьасул квер бакъиялдалъун суратул ХIажалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 23. Суратул Муъминун

سُورَةُ المُؤْمِنُونَ

*Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила микьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго «Суратул Муъминуна»-абун; муъминзабазул цIар кIодо гьабун, гьезул рехсей абадиялъего цIунун, гьезул хиралъаби ва тIокIлъаби гIемерал рукIиналда тIоритIел гьабун ва гьел алжан ирсалъе босулел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъзал рукIинги загьир гьабун.*

*Сураталда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ритIухъ гьари, ахираталда иман лъей бицун буго. Гьаб сурат Маккаялда рештIинабураб бугелъул ва гьеб заманги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Маккаялъул мушрикал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда ахIулеб, гьезие хIужа-далил бачун гьев жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан вукIин бицулеб, цогидал хъанчалги, алагьзабиги жидее гIибадат гьабизе бегьуларел рукIин бицулеб заман букIана. Гьединлъидал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналъе далилал рачун, гьесул хIалкIолъи ва къудрат гучаб букIин бицун, зобал ракьазул, бакъ-моцIалъул, гъветI-хералъул, хIайваназул пикру гьабизе тIамулев вуго инсан.*

*Гьединго аварагасе صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ рекIел гъеялъе ва гьесул умматалъе вагIзаялъе цересел аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ва гьезул умматазул къиса бицун буго, Марьямилги ГIиса аварагасулги عَلَيْهِالسَّلَامُ къисаги бицун буго. Дунялалъул рокъобго, жидер рухI бахъиялда аскIоб капурзабазда щолел къварилъабазул, гьезде тIаде бачIунеб хIинкъиги бицун буго. ЦIидаса дунял гьабизе риччалеланищ жал абун ракIалда ккола гьеб захIматаб гIужалъ капурзабазда, амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIараб заман щвараб мехалъ цониги напс цохIо лахIзаталъ нахъе бахъун толаро.*

*Сураталъул ахиралда къиямасеб къоялъул бицен гьабун буго, гьениб кинабниги халкъалъул кIиго къокъа гурони букIулареблъи баян гьабун буго: Алжаналда унел муъминзабиги жужахIалда унел капурзабиги. Гьеб къоялъ щибго жоялъ инсанасе мунпагIат гьабуларо, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясе гьеб иманалъ ва гIамалалъ мунпагIат гьабун гурони.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قَدۡ أَفۡلَحَ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ١

**1. Жидер киналго анищазда ва хьулазда кверщел батана муъминзабазул.**

Гьал хадур рехсарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго дунялалдаги ахираталдаги жал бахьибугеллъун ругел.

ٱلَّذِينَ هُمۡ فِي صَلَاتِهِمۡ خَٰشِعُونَ ٢

**2. Аллагьасе ﷻ как балеб мехалъ жал цIакъ хIинкъун, хIелун, Аллагьасул ﷻ къадро кIодолъи ва жидер загIиплъи лъан рукIулел.**

وَٱلَّذِينَ هُمۡ عَنِ ٱللَّغۡوِ مُعۡرِضُونَ ٣

**3. Жидеца кинабниги гIададисеб, батIулаб, гьересияб калам ва гьеб калам гьабулеб мажлисги рикIкIад гьабун толел.**

Купру-ширкалда кколеб, Аллагьасда ﷻ, гьесул аварагасда гIасилъулеб рагIи бицуларел ва гьединаб гIамал гьабуларел.

وَٱلَّذِينَ هُمۡ لِلزَّكَوٰةِ فَٰعِلُونَ ٤

**4. Жидеца боцIи-малалда, гIарац-меседалда тIалъараб паризаяб закатги кьолел.**

РакI разилъун, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун шаргIалда бихьизабураб хIалалъ закат бахъулел ва гьеб мустахIикъаб бакIалда кьолел.

وَٱلَّذِينَ هُمۡ لِفُرُوجِهِمۡ حَٰفِظُونَ ٥

**5. Жидерго гIавраталги хIарамаб жоялдаса цIунулел:**

зина гьаби, ливатI гьабигIадаб къабих1аб г1амал гьабиялдаса ва гьеб гIаврат гIадамазе загьир гьабигIадаб, хIарамаб жоялдаса цIунун хьвадулел.

إِلَّا عَلَىٰٓ أَزۡوَٰجِهِمۡ أَوۡ مَا مَلَكَتۡ أَيۡمَٰنُهُمۡ فَإِنَّهُمۡ غَيۡرُ مَلُومِينَ ٦

**6. XIалалал рос-лъадиялъе хут1изег1ан, гьезие бихьизе бегьила гьеб гIаврат ва гьезулгун гьабизе бегьила жимагIги цогидаб напсалъул шагьват тIубайги.**

**Жидер гъарабашазеги хут1изег1ан, гьезиеги бегьила гIаврат загьир гьаби ва гьезулгун жимагI гьаби. Гьаб шаргIалда хIалалаб х1алалъ жидер гIаврат хIалтIизабунин абун Аллагьас ﷻ гIайиб чIваларо ва гьезие мунагь-хIакъги букIуларо.**

فَمَنِ ٱبۡتَغَىٰ وَرَآءَ ذَٰلِكَ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡعَادُونَ ٧

**7. Аллагьас ﷻ бихьизабураб шаргIияб нухги тун цоги хIарамаб хIалалъ чорхол шагьват тIубарал гIадамал руго жидеца чороклъи ва пасалъи гьабурал, жидее**

**гIазаб гьабулеб гIамал гьабурал.**

**8. Жидеца тIад къараб аманат тIубалел ва гьабураб къотIиги цIунулел, гьеб бихҳизбуларел.** وَٱلَّذِينَ هُمۡ لِأَمَٰنَٰتِهِمۡ وَعَهۡدِهِمۡ رَٰعُونَ ۝٨

Жидеда гьабураб божилъиялъе хиянат гьабуларел, жидеца гьабураб къотIиги тIубазабулел. Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи ва аманат бугониги, гIадамазе гьабураб къотIи-аманат бугониги батIалъи гьечIо, гьаб кIиябго жо тIубай муъминчиясул сипат буго, гьаб кIиябго жо тIубангутIи мунафикъасул сипат буго.

**9. Жедеца паризаял какал гIужда раялда ва хIукъукъал тIубан раялда тIадчIей гьабулел.** وَٱلَّذِينَ هُمۡ عَلَىٰ صَلَوَٰتِهِمۡ يُحَافِظُونَ ۝٩

**10. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго жидеца алжанал ирсалъе росизе мустахIикъал гIадамал.** أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡوَٰرِثُونَ ۝١٠

**11. Гьез ирсалъе босула алжаназул бищунго лъикIаб фирдавус алжан ва гьел даимго рукIинелъун Аллагьас ﷻ гьеб алжаналда жанир лъугьизарула.** ٱلَّذِينَ يَرِثُونَ ٱلۡفِرۡدَوۡسَ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ۝١١

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабадасан бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда вахIю рештIунеб заманаялъ гьесул гьумералда аскIоса найидул тIалаялъул гIадаб гьаракь рагIулаан. Гьедин вахIю рештIун хадуб, цо къоялъ аварагас ﷺ кверал эхеде рорхун, живгоги къиблаялда вуссун дугIа гьабуна: «Я нижер БетIергьан Аллагь! дуца нижее цIикIк1ел гьабе (исламияб уммат гIемер гьабе) ва дуца ниж нукъсан гьаруге! Дуца ниж хира гьаре, ниж гIодорегIан гьаруге, дуца ниж капурзабаздаса бергьинаре, гьел нижедаса бергьинаруге. Мун нижедаса разилъе ва ниж дудасанги рази гьаре!-абун. Цинги аварагас ﷺ абуна: «Дида Аллагьас ﷻ анцIго аят рештIизабуна, гьел аятал цIунарав, гьезул хIакъ тIубарав чи алжаналде лъугьинавула»*-абун. Цинги аварагас ﷺ гьаб цебехун бицараб анцIго аят цIалана. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**12. Х1акълъунго дица инсан вижана хIарщалдаса тIаса бищараб ва данде гьабураб жоялдаса.** وَلَقَدۡ خَلَقۡنَا ٱلۡإِنسَٰنَ مِن سُلَٰلَةٖ مِّن طِينٖ ۝١٢

Адам авараг عليه السلام хIарщалдаса вижун, гьесдаса бачIараб насло бугелъул, кинавго инсанасул вижиналъул асло ва байбихьи хIарщалдаса буго.

**13. Цинги хадусеб инсанасул вижи гьабуна бихьинчиясул гьодидаса чIужугIаданалъул рахIмуялда жаниб тIинкIун унеб манидал къатIраялдаса. Гьеб рахIмуги кIиязулго мани данделъун жинда жаниб чIезе ва бижизе мустахIикъаблъун гьабуна.** ثُمَّ جَعَلْنَهُ نُطْفَةً فِي قَرَارٍ مَّكِينٍ ۝١٣

**14. Цинги гьеб манидал къатIра бидул горолъун гьабуна, гьеб бидул гороги гьанал къотIеллъун гьабуна (цо нухалъ кIалдиб лъолеб нана гIадаб жо гьабуна). Хадуб гьеб гьанал къотIелалдаса рукьби гьаруна ва гьел рукьбузда тIад гьанги бижизабуна. Гьелдасаги хадуб гьеб рижи кIудияб гIун жиндир сипат-сурат бугеб инсанасул къаркъала лъугьидалго гьелда жаниб рухIги биччана.** ثُمَّ خَلَقْنَا ٱلنُّطْفَةَ عَلَقَةً فَخَلَقْنَا ٱلْعَلَقَةَ مُضْغَةً فَخَلَقْنَا ٱلْمُضْغَةَ عِظَٰمًا فَكَسَوْنَا ٱلْعِظَٰمَ لَحْمًا ثُمَّ أَنشَأْنَٰهُ خَلْقًا ءَاخَرَ فَتَبَارَكَ ٱللَّهُ أَحْسَنُ ٱلْخَٰلِقِينَ ۝١٤

Жинда жаниб рухI биччазегIан гьеб къаркъала букIуна щибго жо бихьулареб, рагIулареб, лъалареб, жиб кIалъалареб, жиндир лугби рагъарулареб. Жинда жаниб рухI беччараб мехалъ гьеб къаркъала чIаголъула ва гьеб чIаголъи БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие мухIканаб заман чIезабураб букIула, гьеб заман тIобарабго инсанасул къаркъала добго рухI гьечIеб жо лъугьула, хадуб гьеб биун, турун тIагIула ва жиб бижин жиндаса бай бихьараб ракьалда сверула.

**ТIадегIанав Аллагь цIакъ берцинаб ва камилаб хIалалъ жинца жо бижулев вуго. Ва жиндир къудрат-гуч тIадегIанав, жив нукъсанлъи гIажизлъиялдаса вац1цIадав вуго.**

**15. Цинги гьаб берцинаб хIалалъ рижун хадур нуж хвезе ругел руго.** ثُمَّ إِنَّكُم بَعْدَ ذَٰلِكَ لَمَيِّتُونَ ۝١٥

**16. Цинги къиямасеб къоялъ чIаго гьарун нуж тIаде рахъинаризеги руго.** ثُمَّ إِنَّكُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ تُبْعَثُونَ ۝١٦

Дунялалда нужеца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ гьабун муъминзаби алжаналда жанир, капурзаби жужахIалда жанир лъугьинаризе руго.

**17. Х1акълъунго, дица нужеда тIад анкьго зобги бижана жал цояб цоялда тIад ругел.** وَلَقَدْ خَلَقْنَا فَوْقَكُمْ سَبْعَ طَرَآئِقَ وَمَا كُنَّا عَنِ ٱلْخَلْقِ غَٰفِلِينَ ۝١٧

ГIарабияз цо жо цогидалда тIад бугеб мехалъ гьелда «ТIарикъат» абула: жиб тIад бугеб, тIад бачIараб. Гьедин бугелъул гьаб аяталда жанибги «ТIарикъат» абуна цояб цоялда

тIад буго абураб магIнаялда. Цоги магIна гьабуна: «Гьел зобал жидеда жанир малаикзаби хьвадулел нухаллъун гьаруна»-абун.

**Дун Дица бижараб махлукъ кIочарав, гьелдасан гъапулав гьечIо.** Дица гьеб махлукъаталъул тадбир гьабула, гьелъул маслахIаталги цIунула.

وَأَنزَلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءًۢ بِقَدَرٍ فَأَسْكَنَّٰهُ فِى ٱلْأَرْضِ ۖ وَإِنَّا عَلَىٰ ذَهَابٍۭ بِهِۦ لَقَٰدِرُونَ ﴿١٨﴾

**18. Дица зодисан цIадалги разаруна, жидер къадар чIезабун.**
ГIемераб цIад бан гIадамазе ва рухIчIаголъиялъе зарал гьабичIого ва цIакъго дагьаб бан хур-хер бижулареб хIалги гьабичIого, гьоркьохъеб хIал гьабуна. **Гьеб цIадал лъим ракьалда тIад ва жаниб чIун, жинца мунпагIат гьабулеблъунги гьабуна.**

**Х1акълъунго Дие бокьун букIарабани Дида кIолаан гьеб лъим ракьулъ жанибе ун нужее щибго мунпагIат гьечIеблъун гьабизе.** Киниги дир гурхIел- рахIмуялдалъун Дица гьеб цIадал лъим нужер чIаголъиялъе пайда бугеблъун гьабуна. Ракьалда тIад чIун жиб гьекъезе, жиндалъун ах-хур лъалъазе бегьулеб гьабуна, ракьалда жаниб араб жиндалъун жо бижулеб гьабуна. Гьеб лъималдалъун ицал, лъарал чвахизаруна нужее берцинлъиялъе ва рацIалъиялъе.

فَأَنشَأْنَا لَكُم بِهِۦ جَنَّٰتٍ مِّن نَّخِيلٍ وَأَعْنَٰبٍ لَّكُمْ فِيهَا فَوَٰكِهُ كَثِيرَةٌ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ﴿١٩﴾

**19. Гьеб цIадалдалъун Дица нужее рижизаруна цIолбол ва чамастакил ахал. Гьел ахазулъ гIемераб батIи-батIияб пихъ бугеб, нужеца жиб кваналеб ва жиндаса лазат-кеп босулеб.**
ЦIибилги чамастакги гIарабиязул бищунго гIемерал пихъал рукIиналъ рехсана гьел Къуръаналда жанир. Гьеб кIиябго пихъ гIарабиязе риидалги, хасалоги кваналеб жолъун букIана, гьелъул лъим (сок) гьабулаан, къанцIа ва гьекъолеб жо гьабулаан.

وَشَجَرَةً تَخْرُجُ مِن طُورِ سَيْنَآءَ تَنۢبُتُ بِٱلدُّهْنِ وَصِبْغٍ لِّلْءَاكِلِينَ ﴿٢٠﴾

**20. ТIурсайнаъ мегIералда аскIоб жиб бижулеб** ва цогидабги ракьалда жиб бижулеб **зайтуналъул гъветIги бижизабуна Дица гьеб цIадалдалъун, нужеца мунпагIат босизе. Гьеб гъветIалда бижараб пихъ нужее квен букIула, гьелъул нахги букIула ва гьеб нужее квенгун цадахъ дандежолъунги букIула.**
ГIемераб бакIалда хIалтIизабулеб ва жиндаса гIемераб пайда босулеб нах буго зайтуналъул.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Нужеца зайтун кванае ва гьелъул нахги черхалда бахе. Гьеб*

*зайтуналъул гъветI баракат бугеб гъветI буго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

وَإِنَّ لَكُمْ فِي ٱلْأَنْعَٰمِ لَعِبْرَةً نُّسْقِيكُم مِّمَّا فِي بُطُونِهَا وَلَكُمْ فِيهَا مَنَٰفِعُ كَثِيرَةٌ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ٢١

**21. Х1акълъунго нужеца пикру гьабизе ва гIакъло босизе г1аламат буго нужее квегъун бугеб боцIиялъулъги: варанаби, хIайванал ва гIи-цIани. Дица нужеда гьекъезабула гьезул чохьониса бачIараб бацIадаб ва тIагIамаб рахь. Гьеб гуреб цогиги гIемер мунпагIат буго нужее гьеб боцIиялдаса.**

Гьезда тIад рекIун хьвадула нуж, гьезул квас-расалъул ретIел гьабула. Гьезда тIадлъун къайиги баччула ва цогиги хIалтIиги гьабизабула. **Ва нужеца гьеб боцIиялъул гьан, хIан, нах кванала.**

وَعَلَيْهَا وَعَلَى ٱلْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ٢٢

**22. Варанабазда ва гумузда рекIун нужги нужер къайиматахIги рикIкIад сапараздаги уна.**

Гьал цере арал аятазда жаниб ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда, гьесул къудраталда ва гьес махлукъ бижиялда тIоритIел гьабулел кIудиял гIаламатал рицун руго. Гьел гIаламатазул авалаб ва бищунго гIажаибаб буго живго инсан вижиялъул хабар. Гьев инсан вижиялъул хал гьабураб мехалъ ичIго батIияб хIал буго жиндир зарра бижаралдасан байбихьун жив хун хадув тIаде вахъинавизег1ан инсанасда тIаде бачIунеб.

КIиабилеб кIудияб гIаламат буго зобал- ракьал рижи, гьезул абадияб хьвади, гьезда жаниб бугеб цоцалъ рекъей, цоялъ цояб камил гьабулеб гIуцIцIи. Лъабабилеб гIаламат буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зодисан цIад базаби ва гьеб цIадал лъим кинабниги жиб бижулеб жоялъе: рухI бугеб букIа, рухI гьечIеб букIа, аслолъун гьаби. Гьеб лъим гьечIони чIаголъи букIуларо, лъим гIемерлъараб мехалъги чIаголъи букIуларо.

Ункъабилеб гIаламат буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанасе рухI чIаголъи квегъун букIин ва гьеб жиндаса гIемерго къуватаб бугониги жиндир хIажат тIубалеблъун гьабун букIин. Гьел хIайваназдаса босулеб мунпагIатги гIемер батIи-батIияб буго, гьелъул бищунго кIвар бугеб рахьалдаса, гьаналдаса, квасалдаса мунфагIат боси буго. Гьел хIайваназда тIад рекIун, къай-матахI баччун сапаралда иналъе мунпагIат босиги буго. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьабулеб мехалъ чуязда, варанабазда рекIун гьездалъун квер бакъи гьабиги буго.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِۦ فَقَالَ يَٰقَوْمِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥٓ ۖ أَفَلَا تَتَّقُونَ ٢٣

**23. Х1акълъунго Дица НухI авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **витIана жиндир къавмалда, гьел Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналда ахIулев расуллъун. Гьес жиндир къавмалда**

**абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв нужер БетIергьан Аллагьасе ﷻ. Нужее гьев гурев цоги Аллагь ﷻ гьечIо жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Нуж хIинкъуларищ гьев Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса, гьевги тун цоги жоялъе лагълъи гьабураб мехалъ?»-абун.**

فَقَالَ ٱلْمَلَؤُا۟ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦ مَا هَٰذَآ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُرِيدُ أَن يَتَفَضَّلَ عَلَيْكُمْ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ لَأَنزَلَ مَلَٰٓئِكَةً مَّا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِىٓ ءَابَآئِنَا ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٢٤﴾

**24. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал НухIил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъул церехъабаца абуна: «Гьав НухI гьечIо нужедаго релълъарав инсан гурони. Гьесие бокьун буго нужедаса жив хириявлъун ва тIокIавлъун вукIине. Аллагьасе ﷻ нужехъе авараг витIизе бокьун букIарабани, гьес малаикзаби ритIизе рукIана нуж диналда ахIизе. Гьав НухIица бицунеб жо нижеда нижер умумуз бицунеб рагIичIо ва гьездасаги церехун рукIарал умматазулъги рагIичIо гьес жинда ахIулеб дин.**

إِنْ هُوَ إِلَّا رَجُلٌۢ بِهِۦ جِنَّةٌ فَتَرَبَّصُوا۟ بِهِۦ حَتَّىٰ حِينٍ ﴿٢٥﴾

**25. «Гьев НухI عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьечIо жив жундуца ккурав, ахIмакъаб жо бицулев чи гурони. Нужеца яхI-сабро гьабе гьев хвезегIан, цинги нилъ гьесул гIадалаб хабаралдаса хIалхьезе руго»-абун.**

قَالَ رَبِّ ٱنصُرْنِى بِمَا كَذَّبُونِ ﴿٢٦﴾

**26. НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие квербакъи гьабе гьаб къавмалъ дун гьереси гьавиялъ»-абун.**

Гьаз дир дагIватги къабул гьабичIо, мун жидер БетIергьан вукIиналдаги мукIурлъичIо. Дица гьезие гIемераб заманаялъ вагIза-насихIатги гьабуна. Гьанже дир хьул къотIана гьаз иман лъеялдаса. Дуца гьаб къавмги гьалаг гьабун гьезул бакIалда цоги лъикIаб къавм гьабе гьаб ракьалда тIад.

فَأَوْحَيْنَآ إِلَيْهِ أَنِ ٱصْنَعِ ٱلْفُلْكَ بِأَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا فَإِذَا جَآءَ أَمْرُنَا وَفَارَ ٱلتَّنُّورُ فَٱسْلُكْ فِيهَا مِن كُلٍّ زَوْجَيْنِ ٱثْنَيْنِ وَأَهْلَكَ إِلَّا مَن سَبَقَ عَلَيْهِ ٱلْقَوْلُ مِنْهُمْ وَلَا تُخَٰطِبْنِى فِى ٱلَّذِينَ ظَلَمُوٓا۟ إِنَّهُم مُّغْرَقُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Дица НухI аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вахIю гьабуна дуца гама гьабе абун Дир квер бакъиялдалъун** ва Дир цIуниялда гъокь мун вугеб хIалалъ, **дица вахIю гьабураб хIалалъ. Цинги дица гьеб къавм гьалаг гьабизе цIараб гIуж щвараб мехалъ ва чед бежулеб кориниса къватIибе лъимги чвахараб мехалъ, дуца гьеб гамида жанире лъугьинаре щибаб рухIчIаголъиялдаса цо бихьинаб цо**

**цIуяб кIиго жо.**

**Дуда иман лъураб дур агьлоги рекIинабе гамида тIаде; жал гьалаг гьаризе къотIи гьабурал капурал гIадамал хутIинегIан.** НухIил чIужуги гьесул цо васги рукIана жидеца иман лъечIел, жал гьалаг гьарулезда гьоркьор хутIулел. **Дуца Дида хитIаб гьабуге купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гIадамал гьалаглъиялдаса хвасар гьаре абун. Х1акълъунго гьел киналго лълъималда гъокь ккун жал гъанкъизе ругел руго.**

فَإِذَا ٱسۡتَوَيۡتَ أَنتَ وَمَن مَّعَكَ عَلَى ٱلۡفُلۡكِ فَقُلِ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ ٱلَّذِي نَجَّىٰنَا مِنَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ٢٨

**28. Мунги дур агьлоги гамида тIад рекIераб мехалъ дуца абе: «Кинабго рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго жинца ниж капураб, залимаб къавмалдаса хвасар гьарурав»-абун.**

وَقُل رَّبِّ أَنزِلۡنِي مُنزَلٗا مُّبَارَكٗا وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلۡمُنزِلِينَ ٢٩

**29. Жегиги дуца абе: «Дуца ниж гьаб гамидаса рештIинаре БетIергьан, жиндилъ баракат бугеб, нижее къварилъи- зарал гьечIеб х1алалъ. Мун вуго БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца рештIинарулезул бищунго лъикIав»-абун.**

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ وَإِن كُنَّا لَمُبۡتَلِينَ ٣٠

**30. Х1акълъунго гьаб НухIил къавмалъул къисаялъул гIемерал гIаламатал ва далилал руго жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел: гIакъло бугел, пикру гьабулел гIадамазе. Дица гьеб ишги гьабуна, ва цогидаб гьединаб ишги гьабула дир лагъзадерил хIалбихьи гьабун, гьезул дие мутIигIал ва дида гIасилъулел загьир гьаризе бокьун.**

ثُمَّ أَنشَأۡنَا مِنۢ بَعۡدِهِمۡ قَرۡنًا ءَاخَرِينَ ٣١

**31. Гьеб НухIил عَلَيْهِ السَّلَامُ къавм гьалаг гьабун хадуб дица цоги къавм бижана гьезул бакIалда.**

Гьеб букIана Гьуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жидеда витIарал «ГIáдилал» абулеб къавм. Гьазда цересел гIадилал абула. Гьал гьалаг гьарун хадур цоги гIадилал рижун рукIана.

فَأَرۡسَلۡنَا فِيهِمۡ رَسُولٗا مِّنۡهُمۡ أَنِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥٓۚ أَفَلَا تَتَّقُونَ ٣٢

**32. Цинги гьел ГIáдилазда дица расуллъун Гьуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ витIана, гьездаго гьоркьоса чилъун жив вугев. Гьудица عَلَيْهِ السَّلَامُ гьезда абуна: «Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв, жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ. Жиндие лагълъи гьабизе бегьулеб цоги щибго жо гьечIо. Нуж гьев Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъуларищ гьесдехун**

**ширк гьабизе ва хъанчазе лагълъи гьабизе?»-абун.**

**33. Гьев Гьудил къавмалъул Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, ахират букIинги ва гьениб хIисаб-мизан букIинги гьереси гьабурал, дица жидее дунялалъул бечелъиги кьурал церехъабаца абуна: «Гьев чи гьечIо нужедаго релълъарав инсан гурони. Нужеца кваналеб квенги кваналев, нужеца гьекъолеб лъимги гьекъолев»-абун.**

وَقَالَ ٱلۡمَلَأُ مِن قَوۡمِهِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَكَذَّبُواْ بِلِقَآءِ ٱلۡأٓخِرَةِ وَأَتۡرَفۡنَٰهُمۡ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا مَا هَٰذَآ إِلَّا بَشَرٞ مِّثۡلُكُمۡ يَأۡكُلُ مِمَّا تَأۡكُلُونَ مِنۡهُ وَيَشۡرَبُ مِمَّا تَشۡرَبُونَ ٣٣

Гьав чи нужедаса хирияв вукIине ва нуж гьесда нахърилълъине щибго гIилла гьечIо.

**34. Гьав нужедаго релълъарав чиясда нуж мутIигIлъани ва гьес жинда ахIулеб динги гьабуни, х1акълъунго нуж цIакъ гIададе хварал, чIорого хутIарал гIадамал рукIине ругин абун.**

وَلَئِنۡ أَطَعۡتُم بَشَرٗا مِّثۡلَكُمۡ إِنَّكُمۡ إِذٗا لَّخَٰسِرُونَ ٣٤

**35. Гьав Гьудица عليه السلام нужее къотIийщ гьабулеб бугеб хун хадур турараб ракьлъун ва рукьбилъун лъугьун рукIадго, цIидаса чIаго гьарун тIаде рахъизаризе ругин абун.**

أَيَعِدُكُمۡ أَنَّكُمۡ إِذَا مِتُّمۡ وَكُنتُمۡ تُرَابٗا وَعِظَٰمًا أَنَّكُم مُّخۡرَجُونَ ٣٥

**36. Кисан гьеб букIунеб! Гьединаб жо букIинего букIунаро! Гьеб ц1акъ рик1адаб, Гьересияб жо буго гьев Гьудица нужее къотIи гьабулеб.**

۞ هَيۡهَاتَ هَيۡهَاتَ لِمَا تُوعَدُونَ ٣٦

**37. Х1акълъунго, нилъее бугеб чIаголъи буго гьаб дунялалъул рукъоб бугеб чIаголъи. Нилъ гьанир цоял рижула ва цоял хола.**

إِنۡ هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا ٱلدُّنۡيَا نَمُوتُ وَنَحۡيَا وَمَا نَحۡنُ بِمَبۡعُوثِينَ ٣٧

Гьаб буго нилъее бугеб чIаголъиги, хвелги. **Гьелдаса хадуб щибго жо гьечIо: тIаде рахъинариги гьечIо,** хIисаб- мизанги, алжан жужахIги гьечIо.

**38. Гьев Гьуд гьеч1о жинца Аллагьасул ﷻ цIар гьоркьоб ккун гьереси бицунев чи гурони. Нижеца гьесда иман лъоларо.**

إِنۡ هُوَ إِلَّا رَجُلٌ ٱفۡتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبٗا وَمَا نَحۡنُ لَهُۥ بِمُؤۡمِنِينَ ٣٨

Ниж гьесда нахърилълъунаро, нужги нахърилълъунге, нижер амруялда хилиплъани нижеца нужее гIазаб гьабизе буго абун.

39. Жиндир къавм купру-ширкалда тIад чIараб мехалъ ва гьез Гьудил عليه السلام дагIват къабул

قَالَ رَبِّ ٱنصُرۡنِي بِمَا كَذَّبُونِ ٣٩

гьабичIого, гьев гьереси гьавураб мехалъ. **Гьуд аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Гьаб къавмалъ дун гьереси гьавуна, дуца дие квер бакъи гьабе гьазда тIад дун бергьине ва гьазда лъазе дун дуца витIарав хIакъав авараг вукIин.**

قَالَ عَمَّا قَلِيلٖ لَّيُصۡبِحُنَّ نَٰدِمِينَ ٤٠

**40. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан Гьудида вахIю гьабуна: «Дагьабго заманалдаса гьел цIакъ пашманлъизе руго жидеца гьабураб гIамалалда»-абун.**

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кквеялда, мун гьереси гьавиялда, ахираталда иман лъунгутIиялда пашманлъизе руго гьеб дур къавм.

فَأَخَذَتۡهُمُ ٱلصَّيۡحَةُ بِٱلۡحَقِّ فَجَعَلۡنَٰهُمۡ غُثَآءٗۚ فَبُعۡدٗا لِّلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ٤١

**41. Гьеб Гьудил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавм гучаб гьаракьалъул гIазабалъ ккуна ва гьел бакъван, гьарщун ракьалда араб турараб хер гIадин гьалаглъун тIагIана.**

Лъималъ босун унеб, щибго жиндаса пайда гьечIеб рищни-къул гIадин лъугьана гьел. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалдаса рик1кIад гьариги, дунялалъул балагьги, ахираталъул гIазабги буго купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас амру гьабун Жабраил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ малаикас гьаракь гьабуна, гьеб гьаракьалдалъун кутакаб ракь багъариги лъугьана ва г1адил къавм щибго жиндаса пайда гьечIеб рищнигIадин хун гIодобе ккана ва гьезул насло-тухум къотIана.

ثُمَّ أَنشَأۡنَا مِنۢ بَعۡدِهِمۡ قُرُونًا ءَاخَرِينَ ٤٢

**42. Гьезда хадурги дица цогидал умматал рижана.**

СсалихI аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ, Ибрагьим, ЛутI ШугIайб аварагасул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ умматал рижана. Гьел умматазги жидер аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруураб мехалъ ва дун жидер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда инкар ккураб мехалъ, дица гьел умматалги гьалаг гьаруна.

مَا تَسۡبِقُ مِنۡ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسۡتَـٔۡخِرُونَ ٤٣

**43. Цониги умматалдаса гьезие цIараб заман ва гьел гьалаг гьаризе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб хIукму- къадар цохIо лахIзаталъ цебе кколаро ва хадуб кколаро.**

ТIадегIанав Аллагьасул азалияб хIукму хвезабизе ва хисизабизе кIолеб щибго жо гьечIо.

ثُمَّ أَرۡسَلۡنَا رُسُلَنَا تَتۡرَاۖ كُلَّ مَا جَآءَ أُمَّةٗ رَّسُولُهَا كَذَّبُوهُۖ فَأَتۡبَعۡنَا بَعۡضَهُم بَعۡضٗا وَجَعَلۡنَٰهُمۡ

**44. Гьелдаса хадурги Дица щибаб къавмалда цоязда хадур цогидал русулал ритIана. Жидехъе Дир расул**

أَحَادِيثَ فَبُعْدًا لِّقَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُونَ ﴿٤٤﴾

**вачIунщинахъе гьеб къавмалъул гIадамаз гьев расул гьересиги гьавуна. Дица гьел капурал, залимал ва зулмуял къавмал цоязда хадур цогидал гьалаг гьаруна ва хадур рачIунел умматазе бицине хабар гуреб жо гьезул нахъеги хутIичIо.**

Аллагьас ﷻ иманалда тIоритIарал муъминзабаца гьел умматазул хабаралдаса вагIза насихIат босана, гьезул пикру гьабун гIибрат босун гьезул иманги Аллагьасе ﷻ мутIигIлъиги ц1ик1кIана. Аллагьасда ﷻ гIасилъараб къавмалъе гьел умматазул хабар жидер годекIабахъ бицунеб, жиндаса пайда босулареб гIададисеб хабарлъун лъугьана. **Аллагьасул ﷻ рахIаматалдаса рикIкIалъи ва гIазаб буго гьадинаб пикру гьабулареб ва жидеца иман лъолареб къавмалъе.**

ثُمَّ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ وَأَخَاهُ هَارُونَ بِآيَاتِنَا وَسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ﴿٤٥﴾

**45. Гьел къавмал гьалаг гьарун хадур дица Муса авараг عليه السلام ва гьесул вац Гьарун аварагги عليه السلام ритIана,** бануисраилаздаса жал ругел, **дир баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун.**

إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَئِهِ فَاسْتَكْبَرُوا وَكَانُوا قَوْمًا عَالِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Мисриялъул хан пиргIавнида ва гьесул къавм къибтIияздаги рит1ана.** Гьел Аллагь ﷻ цо гьавиялда ахIизе, гьезда зулму те абизе ва бануисраилазе гIазаб гьабичIого гьел Мисриялъул ракьалдаса нахъе риччай жидерго ватIан Шамалдехун инеян абизеги. **Гьел цIакъ чIухIана Мусада عليه السلام гIенеккизе, гьез гIамал кIодолъи загьир гьабуна.** ПиргIавнги гьесул агьлоги цIакъго залимаб къавм букIана, жидеца гIадамал лагъзалъун ккун гьезие зулму гьабулеб, жидер купру-ширк кутакал.

فَقَالُوا أَنُؤْمِنُ لِبَشَرَيْنِ مِثْلِنَا وَقَوْمُهُمَا لَنَا عَابِدُونَ ﴿٤٧﴾

**47. ПиргIавнил къавмалъ абуна: «Нижеца иманищ лъелеб ва ниж нахърилълъулищ гьав кIиго чиясда, гьазул къавм нижер лагъзалги рукIадго?»-абун.**

فَكَذَّبُوهُمَا فَكَانُوا مِنَ الْمُهْلَكِينَ ﴿٤٨﴾

**48. Жидеца гьев кIиявго гьереси гьавуна ва гьел гьалаг гьарураб къавмлъун лъугьана.**

ПиргIавнги гьесул къавм къибтIиялги Аллагьас ﷻ гIазаб гьабун ралъдалъе гъанкъизаруна.

وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ﴿٤٩﴾

**49. ХIакълъунго дица Муса аварагасухъе عليه السلام Тавратги кьун букIана, пиргIавнил къавмалъ иман лъун гьел хIакъаб диналда тIоритIизе бокьун.**

Гьеб къавмалъ Муса ва Гьарун гьереси гьаруна, гьезда мутIигIлъизе чIухIана, жидер БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналда инкарги ккун, пиргIавн вуго жидер алагь абуна. Гьел кIудиял мунагьал сабаблъун жал ралъдалъе гъанкъизаруна ва жидер насло тухум тIагIинабуна.

وَجَعَلْنَا ٱبْنَ مَرْيَمَ وَأُمَّهُۥٓ ءَايَةً وَءَاوَيْنَٰهُمَآ إِلَىٰ رَبْوَةٍ ذَاتِ قَرَارٍ وَمَعِينٍ ﴿٥٠﴾

**50. Дица Марьямил вас ГIиса авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьесул эбел Марьям гьаруна дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламатлъун. Дица гьел кIиялго чIолеб бакIлъун гьабуна Байтул-мукъадасалъул ракьалдаса бищунго берцинаб ва лъикIаб бакI.**

Жиб борхалъуде бугеб, гьениб битIараб майданлъиялда пихъил ахги бугеб, жаниб цIорораб иццул лъимги бугеб, гьеб ахикьан чвахун унеб.

Цо-цо гIалимзабаца Г1иса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва гьесул эбел Марьям Сириялда Димашкъ шагьаралда аскIор рукIанин абураб магIна гьабун буго, цогидаз Палестинаялда бугеб Рамлат абулеб бакIалда рук1анин абун буго. Цогидал аятазда бугеб жоги хал гьабидал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалъулги хал гьабидал, ГIиса вараг ва гьесул эбел Марьям Байтул-мукъадасалда аскIор рукIана абураб рагIи битIараб букIин бичIунеб буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلرُّسُلُ كُلُوا۟ مِنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ وَٱعْمَلُوا۟ صَٰلِحًا ۖ إِنِّى بِمَا تَعْمَلُونَ عَلِيمٌ ﴿٥١﴾

**51.** Дица киналго аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ва гьезда иман лъурал муъминзабазда хитIаб гьабун абуна: **«Я гьал аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ**! Нужеца хIалалаб, бацIадаб ризкъи кванай, лъикIаб гIамал гьабун Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **разилъи, гьеcда гIагарлъиги тIалаб гьабе! Х1акълъунго Дун вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев** ва гьелда рекъараб жазаъ нужее гьабизе бугев»- абун.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир хириял аварагзабазе عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ хIинкъи кьун гьезда абулеб буго Дида нужер киналго гIамалал лъала, нуж хIинкъа дир амру-нагьюялда хилиплъизе абун. Гьаб рагIи гьезул умматалда бугеб хитIаб буго ва жидер мунагь-хатIа гьечIел аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъун хьвадизе тIадаблъун гьабураб мехалъ, гьезул умматалъул хIинкъи ва цIодорлъи цIакъго гучаб букIине ккола абураб магIна буго.

Ибнукасирица абуна: гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъи ва гьесие мутIигIлъиялъе сабаб букIин хIалалаб, бацIадаб ризкъи кванай. Жидеда Аллагьасул салам лъеял аварагзаби хIалалаб жо кваналел, гьеб тIалаб гьабулел рукIана. ГIемерисел аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ

гIи хьихьулел рукIана. Г1иса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ эбелалъ квас хIалтIизабун щвараб жоялдаса кваналев вукIана. Давуд аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир квер хIалтIун щвараб жо кваналев вукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг Маккаялъул гIадамазул гIиял хьихьулев вукIана гьез кьураб мухь босун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я гьал гIадамал! ТIадегIанав Аллагь жив вац1цIадав вуго. Гьес бац1цIадаб жо гурони къабул гьабуларо. ХIакълъунго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ амру гьабураб жо, жиндир муъминал лагъзадерида амру гьабураб жо буго»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

وَإِنَّ هَٰذِهِۦٓ أُمَّتُكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَأَنَا۠ رَبُّكُمْ فَٱتَّقُونِ ﴿٥٢﴾

**52. Х1акълъунго Гьаб Дица нуж жиндалъун ритIараб дин я гьал аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ, цохIо дин буго.**

Гьеб динги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бац1цIад гьаби, гьесул аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьари, ахираталда иман лъей буго. **Дунги вуго нуж киназулго БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ** нуж рижарав, нуж хьихьулев, ахираталда нужее жазаъ гьабулев. **Нуж дир гIазаб-гIакъубаялдаса хIинкъа.** Дун разилъи тIалаб гьабун хьваде, дие гьабулеб гIибадаталъулъ щибаго жо гIахьалги гьабуге.

فَتَقَطَّعُوٓا۟ أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ زُبُرًا ۖ كُلُّ حِزْبٍۭ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Ва амма умматал гьеб цо диналда чIечIо, гьел цIакъ рикь-рикьана. жидецаго ургъун хъварал тIахьазда нахърилълъана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам хисизабуна.**

Цоял цIадуе лагълъи гьабизе лъугьана, цогидал бакъ-моцIалъе, цIвабзазе лагълъи гьабизе лъугьана, цогидал Аллагьасдехун جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабун хъанчазе ва г1адамазе лагълъи гьабизе лъугьана. Жидехъе тIехь рештIинабурал ягьудиял ва насраниялги цо-цаздехун тушманлъи ккун хьвадана. **Гьеб щибаб къокъаги жидеца гьабулеб дин битIараблъун рикIк1ун гьелдалъун рохулел ва чIухIулел руго.** Цогидал динал гьереси гьарулел, гьеб дин гьабулел гIадамалги гIодорегIан гьарулел руго.

ИбнухатIибица абуна: гьаб аят: «Нужер дин цо дин буго»-абураб, жинца тIоритIел гьабулеб буго исламияб уммат, дунялалъул щиб рахъалда бугониги, цо уммат букIине тIадаб букIиналда. Жидер цохIо ракI бугеб гIадин, жидер цохIо квер бугеб гIадин цолъун рукIине тIадаб букIиналдаги. Гьезул шаригIатги цо буго, гьезул къасдалги

цохIо рукIине ккола, гьезул мурадги цо букIине кола. Гьел киналго руго цо Аллагьасда ﷻ божулел, гьев Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабулел. Киназго малаикзаби ва аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьарула, гьезда рештIинарурал тIахьалги ритIухъ гьарула. Ахираталда, алжан-жужахIалда, хIисаб-мизаналда иман лъола.

Гьадин букIингун цадахъ бусурбаби цIакъ къокъаби гьарун рикь-рикьун руго. ЦохIо росдал ва шагьаралъул агьлуялъулги рагIи данде кколеб гьечIо. Щибго мурад гьечIеб, щайтIаналъ ракIалда рехарал багьанаби рицун цоцаздехун тушманлъи ккун хьвадулел руго. Гьедин хьвадулел рукIиналъ киналго Аллагьасул ﷻ тушбабазул ракI боххулеб буго, гьезул мурадги тIубалеб буго, гьезул рагIиги цебехун унеб буго.

Дунялалда тIад бусурбаби ругел ракьазда рагъал унел руго, гьел буссурбаби цолъизе, цоцазе кумек гьабизе регIизе толел гьечIо. Гьел бусурбабазда гьоркьор ругел мунапикъаца купру-ширкалъул рахъккун, гьезие квербакъи гьабун, Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рагъулел мужагьидазда квешал цIарал лъолел руго. Дунялалъул чIаголъи тIаса бищун, ахират кIочон хьвадулеб буго гIемерисеб халкъ.

ТIадегIанав Аллагьасул амру буго гьаб ракьалда тIад исламияб дин букIинабе, гьаниса купру-ширкги тIагIинабеян абун. Гьаб амру тIубазе тIадаб букIин лъалев, гьаб тIубаялъе гIоло яхI бахъизе кколеблъи лъалев чиги цIакъ дагь гурони гьечIо. Гьеб тIадаб букIин лъалел гIалимзабаца гIадамазда гьеб бицунеб гьечIо, гIадамазе бокьулеб гьел жидеда разилъулеб хабар бицунеб буго. Купру-ширкалъул ихтияралда гъоркь ккун ругел бусурбаби ва исламияб ракь эркен гьабизе ккolaян абизецин гьел гIалимзаби хIинкъулел руго. «إِنَّا لِلّٰهِ وإِنَّا إِلَيهِ راجِعُون». Аллагь ﷻ гурхIун, гьес квербакъун гурони квербакъиги гьечIо.

**54. Дуца гьел Маккаялъул мушрикал жидерго жагьиллъиялъулъ ва ахIмакълъиялъулъ те МухIаммад ﷺ гьезда тIаде хвел бачIизегIан.** فَذَرْهُمْ فِي غَمْرَتِهِمْ حَتَّىٰ حِينٍ ﴿٥٤﴾

Гьез иман лъечIо абун дуца ракI къварид гьабуге. Гьезие дир гIазаб букIин хIакъаб буго ва гьелдаса гьел рорчIизе гьечIо.

**55. Гьел капурзабазда ракIалда ккунищ бугеб жидее кьураб боцIи-мал ва васал** أَيَحْسَبُونَ أَنَّمَا نُمِدُّهُم بِهِۦ مِن مَّالٍ وَبَنِينَ ﴿٥٥﴾

**56. Дица гьезие гьабулеб лъикIлъи буго абун ва жидер гIамалалда дун рази вуго абун.** نُسَارِعُ لَهُمْ فِي ٱلْخَيْرَٰتِ ۚ بَل لَّا يَشْعُرُونَ ﴿٥٦﴾

**Гьедин гьечIо амру. Дица гьел ахираталъул гIазаб гьезие цIикIине**

**дунялалъул бечелъи ва рахIат кьун тун руго. Гьеб амру гьедин букIин гьездаги лъалеб гьечIо.** Гьел руго хIайваназда релълъарал, щибго жоялъул пикру гьабуларел, ахIмакъал гIадамал. Гьез абулеб буго жидее дунялалда бечелъиги, васалги цогидаб кинабго хIажатаб жоги кьун бугин, гьеб кинабго жо нижее ахираталдаги букIине бугин, нагагь ахират букIунеб батанияб абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ТIадегIанав Аллагьас дунялалъул магIишат кьола жиндие вокьаравги, вокьичIевги чиясе. Аллагьас ﷻ дин гьабизе тавпикъ кьоларо жив разияв чиясе гурони»*-абун. ХIадис имам АхIмадица бицана.

ТIадегIанав Аллагьас капурзабазул бициндал, гьезие бугеб гIазабги бициндал, гьелда нахъ регIизабун муъминзабазул сипатал ва гьезие бугеб лъикIлъи бицана.

**57. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун гIибадат гьабулел муъминзаби;**

إِنَّ ٱلَّذِينَ هُم مِّنْ خَشْيَةِ رَبِّهِم مُّشْفِقُونَ ﴿٥٧﴾

**58. Аллагьасул ﷻ аятазда ва мугIжизатазда иманги лъурал;**

وَٱلَّذِينَ هُم بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ يُؤْمِنُونَ ﴿٥٨﴾

**59. Аллагьасдехун ﷻ щибго жо гIахьал гьабун ширкги гьабуларел;**

وَٱلَّذِينَ هُم بِرَبِّهِمْ لَا يُشْرِكُونَ ﴿٥٩﴾

**60. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун, гьесие мутIигIлъун паризаяб закат-сахIги кьолел.**

وَٱلَّذِينَ يُؤْتُونَ مَآ ءَاتَوا۟ وَّقُلُوبُهُمْ وَجِلَةٌ أَنَّهُمْ إِلَىٰ رَبِّهِمْ رَٰجِعُونَ ﴿٦٠﴾

Цогидал Аллагь разилъулел лъикIал гIамалалги гьарулел. Гьеб лъикIаб гIамал гьабигун цадахъ жал Аллагьасда ﷻ руссулел рукIинги лъалел. **Ва хIакълъунго жидеца гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас ﷻ къабул гьабичIого хутIиладай абун жал хIинкъун рукIулел.**

ХIасанул Басрияс абуна: «Муъминчиясул сипат буго жив лъикIаб гIамал гьабулев вукIулев, Аллагьасдаса ﷻ хIинкъунги вукIулев. Мунапикъасул сипат буго жинца квешаб гIамал гьабулев ва жив Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъуларев»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана гьаб аяталъул хIакъалъулъ ва гьелъ абуна: «Закат-сахI кьураб мехалъ жал Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун рукIунел гIадамал жидеца зина гьабулел, цIогь гьабулел, жа гьекъолел гIадамалищ ругел?»-абун. Аварагас ﷺ абуна: *«Гьел гьечIо я Ссидикъил яс! Гьел руго жидеца какги балел, кIалги колел, закат-сахIги кьолел ва гьебгун цадахъ жал Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун рукIунел гIадамал»*-

абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

أُوْلَٰٓئِكَ يُسَٰرِعُونَ فِي ٱلۡخَيۡرَٰتِ وَهُمۡ لَهَا سَٰبِقُونَ ٦١

**61. Церехун рицарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго лъикIаб гIамал гьабизе гIедегIулел ва гьеб лъикIаб гIамал гьабизе жал цереги кколел.**

Пахру Рази абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазул сипатал рицунаго гьабураб тартиб буго цIакъ берцинаб ва пасихIаб тартиб.

Бищунго цебе рехсон буго: Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъураб мехалъ гьесул гIазабалдаса хIинкъулеллъун рукIин. Гьеб хIинкъиялъ тIад гьабулеб жо буго кинабго квешаб гIамал тей, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хьвади.

КIиабилеб буго: Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал лъан гьезда иманлъей.

Лъабабилеб буго: Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIи.

Муъминзабазе гьаб сипат гьабураб мехалъ ширк абураб рагIиялдаса мурад буго рияъ гьаби, гIадамал разилъи тIалаб гьабун, гьезие берцин вихьизе бокьун гIамал гьаби. Гьаб буго муъминчияс гьабураб лъик1аб гIамал гIадада хвезабулеб сипат. Гьаб сипат жинда жаниб гьечIого Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьаби буго хIакъикъияб иман лъеялъул гIаламат.

Ункъабилеб сипат буго: Гьал цере рехсараб лъабалго сипаталги цIунун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тIагIат-гIибадат гьаби ва гьеб тIагIаталъулъги жидер гъалатIлъи, жагьиллъи ва такъсир ккеладай абун хIинкъун рукIин. Гьал рехсарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго жидер иманалъулъ ритIухъал «Ас-сидикъуна»-абун жидеда абулел муъминзаби.

وَلَا نُكَلِّفُ نَفۡسًا إِلَّا وُسۡعَهَاۖ وَلَدَيۡنَا كِتَٰبٞ يَنطِقُ بِٱلۡحَقِّ وَهُمۡ لَا يُظۡلَمُونَ ٦٢

**62. Дица напсалда тIад къаларо гьелъие гьабизе кIолеб таклиф гурони.** Муъминзабаздаги тIад къан гьечIо гьезда гьабизе кIолеб жо гурони. **Дида аскIор руго лагъзадерица гьабураб кинабго гIамал тIад хъварал кагътал. Ахираталда гьел кагътазда рекъон лагъзадерил хIисаб-мизан гьабизе буго ва цониги чиясе зулму гьабизе гьечIо.**

Гьезул лъикIаб гIамал дагь гьабизе гьечIо, гьезул квешаб гIамал гIемерги гьабизе гьечIо.

بَلۡ قُلُوبُهُمۡ فِي غَمۡرَةٖ مِّنۡ هَٰذَا وَلَهُمۡ أَعۡمَٰلٞ مِّن دُونِ ذَٰلِكَ هُمۡ لَهَا عَٰمِلُونَ ٦٣

**63. Гьел инкарчагIазул ракIал гьаб Къуръан бичIиялдаса гъапуллъун руго ва жидеда тIад тIалъел лъун бугел гIадин**

**руго. Капурал гIадамазул цогиги гIемерал квешал гIамалал руго жидеца гьарулел ва хадурги гьаризе ругел.**

Гьел гIамалал сабаблъун жидее ахираталда абадияб гIазабги букIине буго.

حَتَّىٰٓ إِذَآ أَخَذۡنَا مُتۡرَفِيهِم بِٱلۡعَذَابِ إِذَا هُمۡ يَجۡـَٔرُونَ ٦٤

**64. Гьел капурал къавмазул церехъаби ва бечедал гIадамал дица гьаб дунялалдаго рукIун гIазабалдалъун къварид гьарураб мехалъ:** унта-щокълъи, ракъи, рагъ ва цогидал къварилъаби тIаде риччан, **гьел цIакъ гьаракь борхун ах1долел руго ва жидее кумек гьарун ахIи балелги руго.**

لَا تَجۡـَٔرُواْ ٱلۡيَوۡمَۖ إِنَّكُم مِّنَّا لَا تُنصَرُونَ ٦٥

**65.** ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIакъалъулъ абулеб буго: «**Жакъа нуж кумек т1алаб гьабун ахIдоге! Х1акълъунго нужее щибго квербакъи букIине гьечIо дир гIазабалдаса нуж цIунулеб!»-абун.**

قَدۡ كَانَتۡ ءَايَٰتِي تُتۡلَىٰ عَلَيۡكُمۡ فَكُنتُمۡ عَلَىٰٓ أَعۡقَٰبِكُمۡ تَنكِصُونَ ٦٦

**66. Х1акълъунго нужее дир Къуръаналъул аятал цIалулел рукIана. Амма нужеца гьел махсароде гьаруна ва гьезда гIамал гьабичIого мугъбан лъутун унел рукIана.**

مُسۡتَكۡبِرِينَ بِهِۦ سَٰمِرٗا تَهۡجُرُونَ ٦٧

**67. Гьеб Къуръаналда иман лъеялдаса нуж чIухIун рукIана ва сардилъ дандеги руссун нужедаго гьоркьоб Къуръан какун ва авараг гьереси гьавун, гьезда тIасан квешаб, къабихIаб хабар бицунелги рукIана.**

Нужеца гьеб Къуръан сихIру бугин абуна, гьереси бугин, шигIру бугин абуна, ва цогиги батIулал харбал рицана. Аварагасдаги ﷺ шагIир вугин, кагьин вугин, сихIрочи вугин абуна.

Цоги магIна гьабуна гьаб аяталъе: «Маккаялъул мушрикал КагIба рукъалдалъун жал чIухIарал рукIана ва жидее лъицаго къварилъи гьабиларилан абун божунги рукIана»-абун.

أَفَلَمۡ يَدَّبَّرُواْ ٱلۡقَوۡلَ أَمۡ جَآءَهُم مَّا لَمۡ يَأۡتِ ءَابَآءَهُمُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٦٨

**68. Гьез гьаб Къуръаналъул пикру ва тадбир гьабуларищ жидеда лъазе гьаб жо инсанасул калам гьечIеблъи.**

Гьелъул рагIабазул гIуцIцIиги, магIнаялъул гъварилъиги, бицунеб жоялъул пасихIлъиги бихьуларищ ва жидеца гьеб Къуръаналда иман лъеларищ? **Яги жидехъе бачIараб гьаб Къуръан цересел умматазухъе бачIинчIеб жойищ бугеб жидеца гьелда инкар кквезе?**. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго умматалда расул витIулеб, гьесухъе тIехьги рештIинабулеб. Гьеб гIадаталдалъун

вуго нужехъе МухIаммад авараг ﷺ вачIун ва гьесда Къуръанги рештIинабун.

أَمۡ لَمۡ يَعۡرِفُواْ رَسُولَهُمۡ فَهُمۡ لَهُۥ مُنكِرُونَ ٦٩

**69. Яги гьал Маккаялъул мушриказда жив лъаларев чийищ вугев гьезухъе расуллъун витIарав МухIаммад ﷺ:**

Гьезда цIакъ лъала МухIаммад ﷺ жинда божилъи гьабулев, жинца хиянат гьабуларев ва гьереси бицунарев чи вукIин. Жиндир тIабигIат-гIамал берцинав, гIакъло камилав чи вукIинги.

أَمۡ يَقُولُونَ بِهِۦ جِنَّةُۢ بَلۡ جَآءَهُم بِٱلۡحَقِّ وَأَكۡثَرُهُمۡ لِلۡحَقِّ كَٰرِهُونَ ٧٠

**70.** Гьадинал камилал сипатал жиндие ругев **МухIаммад ﷺ жундуца ккурав чи вугин абунги кин гьез абулеб? гьел мушрикаца абухъин гьечIо иш. Гьев МухIаммад ﷺ вуго гьезухъе хIакъаб дин босун витIарав Аллагьасул ﷻ расул. Гьаб амру гьадин букIин лъалеб бугониги Маккаялъул агьлуялъул гIемерисел жидее хIакъаб дин бокьичIел, гьеб рихарал руго.**

Хъанчие лагълъи гьабиялъ, гьел алагьзабилъун кквеялъ жидер гIакъло арал, рекIелъ ахIмакълъи ва батIулаб пикру бугел руго.

وَلَوِ ٱتَّبَعَ ٱلۡحَقُّ أَهۡوَآءَهُمۡ لَفَسَدَتِ ٱلسَّمَٰوَٰتُ وَٱلۡأَرۡضُ وَمَن فِيهِنَّۚ بَلۡ أَتَيۡنَٰهُم بِذِكۡرِهِمۡ فَهُمۡ عَن ذِكۡرِهِم مُّعۡرِضُونَ ٧١

**71. ХIакъаб Аллагьасул ﷻ динги дунялалъул гIуцIиги гьел гIадамазе бокьараб жоялда, гьезул гIакъло-тадбиралда рекъон хьвадулеб букIарабани, гьал зобал ракьалги, гьезда жаниб бугеб кинабго гIадлу-низамги пасалъилаан, кинабго жоялъул тадбирги хвелаан.**

ГьедигIанго загIипаб жо буго инсанасул гIакъло ва тадбир, гьесда лъаларо жиндирго напсалъе маслахIат бугеб ва зарал бугеб жо батIа гьабизе, цогидаб гIаламалъул тадбир кин гьесда лъалеб. Кинабго жо лъай ва кинабго жоялда хIалкIолъи цохIо ТIадегIанав Аллагьасе ﷻ буго ва гьесул тадбиралдалъун хьвадулеб гьаб кинабго гIаламги буго. **Дун гьел Маккаялъул мушриказухъе гьел хира гьарун, чIухIизарун, гьезие Къуръан рештIинабун,** гьездаса авараг ﷺ гьавун **вачIана. Амма гьел мушрикал жидее бугеб хиралъиялдаса ва Къуръан кIодо гьабиялдаса руссун чIана.**

أَمۡ تَسۡـَٔلُهُمۡ خَرۡجٗا فَخَرَاجُ رَبِّكَ خَيۡرٞۖ وَهُوَ خَيۡرُ ٱلرَّٰزِقِينَ ٧٢

**72. Дуца гьел Къурайшияздаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо гурищ МухIаммад ﷺ, гьезухъе Къуръан щвезабиялда данде. Дуе бугеб ажро-**

**кири Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ буго ва гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикIав вуго.**

وَإِنَّكَ لَتَدْعُوهُمْ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٧٣﴾

**73. Х1акълъунго мун вуго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьел гIадамал хIакъаб диналда ва битIараб нухалда ахIулев расул .**

وَإِنَّ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْـَٔاخِرَةِ عَنِ ٱلصِّرَٰطِ لَنَٰكِبُونَ ﴿٧٤﴾

**74. Х1акълъунго жидеца ахираталда иман лъоларел, гьениб хIисаб-мизан ва алжан -жужахI букIин гьереси гьабулел гIадамал битIараб нухдаса къосарал руго.**

Ахираталда иман лъоларел гIадамазул Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъейги, аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIухъ гьариги букIунаро. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурав чи гьесул аварагасдаги иман лъурав вукIине ккола ва гьев аварагас бицараб кинабго жо жинца къабул гьабулевги вукIине ккола. Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бицараб динияб ва дунялияб хIукмуялъул цояб ритIухъ гьабун, цогидаб гьереси гьабун хьвадулев чи жиндир иман къабул гьабуларев вуго.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицана: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кьижун вукIаго гьесда тIаде кIиго малаик вачIана ва гьезул цояв хIатIазда аскIов, цогидав бетIералда аскIов гIодов чIана. Цинги хIатIазда аскIов гIодов чIарас бетIералда аскIов чIарасда абуна: «Дуца гьав аварагасул ва гьасул умматалъул хIакъалъулъ цо мисал баче»-абун. КIиабилес абуна: «Гьав аварагасулги гьасул умматалъулги мисал буго рикIкIадаб сапаралъ ун нух башалъуда щун, квен ва лъим тIагIун хутIараб къавмалъул мисал: церехун инеги рес гьечIого, нахъе руссинеги рес гьечIого. Цинги гьезда тIаде вачIун цо тIабигIат- гIамал берцинав, ретIел-хьит чIухIарав чияс жидеда абурал: «Дица нуж берцинаб ах-хурги бугеб, гьуинаб, гIемараб лъимги бугеб бакIалде ахIани нуж дида цадахъ рачIилищ?»-абун. Гьеб къавмалъ рачIинилан абула ва гьевгун цадахъ ун жал берцинаб ах-хур ва гIемераб лъим бугеб бакIалде щола.*

*Гьенир чIун квана-гьекъон жидеда рухI бачIиндал, захIмалъи-къварилъиги кIочендал, дов чияс гьезда абула: «Дида лъала гьалдаса лъикIаб ах-хур ва лъим бугеб бакI. Дунгун цадахъ нуж гьенир рачIилищ?»-абун. Гьеб къавмалъул цояз абула: «Валлагьи, дуца битIараб жо бицунеб буго нижж мунгун цадахъ рачIила»-ян, цогидаз абула: «Ниж гьанирго чIела, нижее гьаб лъикIлъиги гIун бугин»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Къатадатидаса бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда цо чи данде чIвараб мехалъ, аварагас* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

*гьесда абуна: «Дуца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьаве ва мун исламияб диналда вачIа»-абун. Гьев чияс абуна: «Дуца дун ахIулев вуго дие бокьулареб жоялде»-абун. Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: «Дуе бокьичIониги иман лъе дуца. Дуца пикру гьабе ва дида бице; мун квешаб гвендал ругеб, къваридаб нухдасан унев вугони, цинги дуда аскIов вачIун цо чияс абуни «Дида лъала гьалдаса лъикIаб, битIараб ва санагIатаб нух»-абун. Мун гьев чиясда божун гьевгун цадахъ ине вугищ»-абун. Дов чияс абуна: «Ине вуго»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIаралдалъун гьедулев вуго дун, мун цIакъ квешаб нухда вуго ва дица мун бит1араб нухда ахIулев вуго»*-абун.

۞ وَلَوْ رَحِمْنَٰهُمْ وَكَشَفْنَا مَا بِهِم مِّن ضُرٍّ لَّلَجُّواْ فِي طُغْيَٰنِهِمْ يَعْمَهُونَ ٧٥

**75. Дица гьел мушриказда гурхIел гьабуни ва гьезда тIад бугеб къварилъи борхани, гьел цIидаса жидер купру-ширкалда жанир лъугьине руго, ва жидеца гьабизе кколеб хIакъаб дин гьабичIого къосиналъулъ ва гIасилъиялъулъ хьвадизе руго.**

وَلَقَدْ أَخَذْنَٰهُم بِٱلْعَذَابِ فَمَا ٱسْتَكَانُواْ لِرَبِّهِمْ وَمَا يَتَضَرَّعُونَ ٧٦

**76. Х1акълъунго Дица дунялалъул рукъоб гьезул хIал бихьи гьабуна батIи-батIияб гIазаб гьабун:**
ракъи тIад биччан, унти къварилъи тIад биччан.

**Гьел жидер БетIергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъичIо, гьесие хIеличIо. Жидерго къосиналда чIана ва гьеб жидеда бачIараб къварилъи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан букIиналда мукIурлъичIо.** Гьез Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаричIо гьеб къварилъи тIаса босе абун ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъечIо. Гьезул гIамалкIодолъи, чIухIи ва ахIмакълъи кутакаб букIиналъ гьанжелъизегIан гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъичIо, гьанжеялдаса хадурги мутIиг1лъизе гьечIо.

Гьаб цебехун бугеб (75-76) аят рештIинабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагь разилъаяв Сумамат ибну Асал абулев асхIаб жив асирлъун ккун вукIаго гьес Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда иман лъуна ва жив исламияб диналде вачIана. Цинги гьев асирлъиялдаса тархъун виччараб мехалъ жиндир къокъаги цадахъ бачун Ямаматалдаса Маккаялда тIорщел бичизе къапилаби рачIунеб нухда чIана ва гьес абуна: «Валлагьи, цохIо мугь тIощалил инаро гьаб нухдаса Маккаялъул мушриказе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас изну кьун гурони»-абун.

Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къурайшиязда цIакъ гучаб ракъи бихьизабуна. Гьез капурго хвараб жо кванана, гьвеялъул гьанги кванана, бигун

цадахъ бежун квас-расги кванана. Цинги Абусуфян Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вачIун гьесда абуна: «Дица дуда гьарулеб буго Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун ва нилъеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул цIаралдалъун: дуца абулеб буго гурищ: «Мун Аллагьас ﷻ кинабго гIаламалъего гурхIел- рахIмуялдалъун витIарав авараг вуго абун? Аварагас ﷺ абуна: «БитIараб буго, дун гьедин витIарав авараг вуго»-абун. Абусуфяница абуна: «Валлагьи, дида мун вихьулев вуго нижер умумул хвалчадалъун чIвалевлъун, нижер лъималги ракъун хвезарулевлъун»-абун.

Гьаб хIадисалъул магIна буго: «Жидеда якъинго лъалеб букIаго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад, авараг вукIин, гьес бицунеб жо битIараб букIинги, Аллагьас ﷻ жидеда ракъи ва къварилъи бихьизабулеб бугониги гьел къосарал Къурайшияз МухIаммад авараг ﷺ ритIухъ гьавичIо, гьесда иман лъечIо ва жидерго купру-ширкалда чIана. Гьелъие бищун кIудияб сабаб букIана гьев МухIаммад аварагасда ﷺ мутIигIлъун гьесда нахърилълъине Къурайшиязул ханзаби чIухIи, Адам аварагасе عليه السلام сужда гьабизе иблис чIухIараб гIадин. Гьаб чIухIараб къавмалъул ахирияб хIасил бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

حَتَّىٰٓ إِذَا فَتَحۡنَا عَلَيۡهِم بَابٗا ذَا عَذَابٖ شَدِيدٍ إِذَا هُمۡ فِيهِ مُبۡلِسُونَ ٧٧

**77. Гьеб квешаб, чIухIараб ва залимаб къавмалда тIаде дица кутакаб гIазабалъул рагьо рагьараб мехалъ:** къиямасеб къо бачIун гьелъул гучал гIазабал жидее рукIин якъинго лъараб мехалъ, **гьеб къавм кинабго гурхIелалдаса ва лъикIлъиялдаса хьул къотIаралльун рукIине руго ва гьел абадияб жужахIалъул гIазабалъулъги рукIине руго.**

وَهُوَ ٱلَّذِيٓ أَنشَأَ لَكُمُ ٱلسَّمۡعَ وَٱلۡأَبۡصَٰرَ وَٱلۡأَفۡـِٔدَةَۚ قَلِيلٗا مَّا تَشۡكُرُونَ ٧٨

**78. Гьев БетIергьан Аллагь ﷻ вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав, **жинца нужее берги, гIинги, ракIги бижарав,** гьездалъун нужеда жо бихьизе, рагIизе ва нужеца пикру гьабизе. Гьаб кинабго махлукъалда балагьун гьелъул Халикъ вукIин лъазе, гьев Халикъги Аллагь ﷻ вукIин лъазе. **Ва амма жидеца пикру гьабулел ва гьел кIудиял нигIматазда щукру гьабулел гIадамал цIакъго дагьал руго.**

Гьел нигIматазда щукру гьаби буго Аллагьасда ﷻ иман лъей, гьесул аварагасда нахърилълъин ва Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун

Аллагьасги ﷻ гьесул аварагасги малъухъин гIибадат ва цогидаб гIамал гьаби.

وَهُوَ ٱلَّذِي ذَرَأَكُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَإِلَيۡهِ تُحۡشَرُونَ ٧٩

**79. Жинца нуж рижарав ва гьаб ракьалда тIад хьвадизаруравги вуго БетIергьан Аллагь. Ахирги нуж киналго Аллагьасде ﷻ руссине руго.**

Къиямасеб къоялъ тIаде рахъинарун хIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе Аллагьасда ﷻ цере чIезе ругел руго.

وَهُوَ ٱلَّذِي يُحۡيِۦ وَيُمِيتُ وَلَهُ ٱخۡتِلَٰفُ ٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِۚ أَفَلَا تَعۡقِلُونَ ٨٠

**80. Жинца нуж чIаго гьарулев ва нуж хвезе гьарулев вуго нужер БетIергьан Аллагь ﷻ. Сордо къо цоялъ цояб хисиги, лъагIел свериги, зобал- ракьазул хьвадиги гьев Аллагьасул ﷻ тадбиралдалъун буго. Гьаб иш кин нужеда бичIулареб ва Аллагьасда ﷻ иман кин лъолареб?.**

Амма гьаб къосараб умматалъ Аллагьасул ﷻ хIал кIолъиялъул пикру гьабичIо, гьев жидер БетIергьан вукIиналдаги мукIурлъичIо, гьесул расуласдаги мутIигIлъичIо.

بَلۡ قَالُواْ مِثۡلَ مَا قَالَ ٱلۡأَوَّلُونَ ٨١

**81. Гьез цересел къосарал умматаз абуралда релълъараб рагIи абуна:**

قَالُوٓاْ أَءِذَا مِتۡنَا وَكُنَّا تُرَابٗا وَعِظَٰمًا أَءِنَّا لَمَبۡعُوثُونَ ٨٢

**82. Гьез абуна: «Ниж хвезеги хун ракьлъун ва турарал рукьбилъун рукIун хадурги тIадейищ рахъинарулел?»-абун.** Гьеб жо абадиялъго букIунеб жо гьечIо.

لَقَدۡ وُعِدۡنَا نَحۡنُ وَءَابَآؤُنَا هَٰذَا مِن قَبۡلُ إِنۡ هَٰذَآ إِلَّآ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٨٣

**83. Х1акълъунго гьадинабго къотIи гьабун букIана нижеда цере рукIарал умматазеги, нижееги ва нижер умумузеги.**

Амма нижеда гьеб хIакъикъияб жолъун батичIо. Жегиги хун хадур тIаде рахъизарурал умматалги гьечIо. **«Гьав аварагас ﷺ нижеда бицулеб жо церегосел гIадамаз ургъараб гьересияб хабар буго»-абун.**

Гьалда хадуб ТIадегIанав Аллагьас жиндир хирияв аварагасда ﷺ амру гьабулеб буго гьеб капураб къавмалъул мугъ бекизабулеб, гьезие цоги батIияб жаваб кьезе рес гьечIеб жо гьезда гьикъе абун.

قُل لِّمَنِ ٱلۡأَرۡضُ وَمَن فِيهَآ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٨٤

**84. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нужеда жо лъалеб батани дида бицеха дунялалъулги, гьалда тIад ва жаниб**

**бугеб жоялъулги бетIергьанлъи лъихъ бугеб?»-абун.**

**85. Гьез абизе буго: «Аллагьасухъ** ﷻ **буго»-абун. Дуца гьезда абе: «Гьедин бугеб мехалъ нужеца гьелъул пикру щай гьабулареб ва гьелъул вагIзаги щай нужее лъугьунареб?»-абун.**

سَيَقُولُونَ لِلَّهِۚ قُلۡ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٨٥﴾

**86. Дуца гьезда абе МухIаммад** ﷺ**: «Гьал анкьалго зобалазулги, жиб цIакъ кIудияб гIарщалъулги бетIергьан щив вугев?»-абун.**

قُلۡ مَن رَّبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ ٱلسَّبۡعِ وَرَبُّ ٱلۡعَرۡشِ ٱلۡعَظِيمِ ﴿٨٦﴾

**87. Гьез абизе буго: «Аллагь** ﷻ **вуго»-абун. Дуца гьезда абе: «Нуж гьев Аллагьасда** ﷻ **гIасилъизе хIинкъуларел щай?»-абун.**

سَيَقُولُونَ لِلَّهِۚ قُلۡ أَفَلَا تَتَّقُونَ ﴿٨٧﴾

**88. Дуца гьезда абе МухIаммад** ﷺ**: «Гьаб кинабго махлукъаталъул ханлъи ва ихтияр лъида кодоб бугеб? жиндихъе кIанцIарасе квербакъулев щив вугев? киналго данделъун ургъаниги жиндир амру хвезабизе ва хисизабизе хIал кIоларевги щив вугев? Гьеб жо бице дида, нуж гIелму-гIакъло бугел гIадамал ратани»-абун.**

قُلۡ مَنۢ بِيَدِهِۦ مَلَكُوتُ كُلِّ شَيۡءٖ وَهُوَ يُجِيرُ وَلَا يُجَارُ عَلَيۡهِ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ﴿٨٨﴾

**89. Гьез абизе буго: «Аллагьасе буго кинабго ханлъи, кинабго ихтияр ва гьунар-къуватги»-абун. Дуца гьезда абе: «Цинги нуж щиб жоялъ гуккун ругел ва нуж кире руссун ругел?»-абун.**

سَيَقُولُونَ لِلَّهِۚ قُلۡ فَأَنَّىٰ تُسۡحَرُونَ ﴿٨٩﴾

Нужеца гьев Аллагьасда ﷻ иман щай лъолареб ва гьесие гIибадатги щай гьабулареб?.

**90. Дун гьел мушриказухъе хIакъаб дин ва хIакъаб Къуръан босун вачIана, Дица гьезухъ расулги витIана, амма гьез кинабго жо гьереси гьабуна ва иман лъеялдаса руссун жидерго купру-ширкалд чIана.**

بَلۡ أَتَيۡنَٰهُم بِٱلۡحَقِّ وَإِنَّهُمۡ لَكَٰذِبُونَ ﴿٩٠﴾

Гьезие къиямасеб къоялъ щибго хIужа ва сабаб букIунаро Дир жужахIалъул гIазабалдаса жал цIунулеб, Дица щивниги чиясе зулмуги гьабуларо гьезухъе авараг витIичIого ва гьезухъе дин щвезабичIого гIазаб гьабун.

Капурзабазе инкар гьабизе кIоларел хIужаби рицун ва далилал рачун гьезда Аллагь ﷻ цо вукIин лъазабун хадуб ва гIибадат гьаби цохIо Аллагьасе ﷻ гурони букIине бегьулареблъи бицун хадуб, ТIадегIанав Аллагьас гьединалго мухIканал хIужаби рицун мушриказ

гьабулеб ширк батIулаб дин букIин бицана.

**91. ТIадегIанав Аллагьас жиндие васлъун щивго чи кквечIо.** ГIиса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ, ГIузайр авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ васал гьечIо. Гьединго малаикзабиги гьесул васал яги ясал гьечIо.

مَا ٱتَّخَذَ ٱللَّهُ مِن وَلَدٍ وَمَا كَانَ مَعَهُۥ مِنْ إِلَٰهٍ ۚ إِذًا لَّذَهَبَ كُلُّ إِلَٰهٍۭ بِمَا خَلَقَ وَلَعَلَا بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۚ سُبْحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿٩١﴾

**Гьев Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ цоги аллагьги гьечIо.** Жинца жо бижулев, бижараб жоялъул тадбир гьабулев, гьеб хьихьулев, жиндие лагълъи гьабизе бегьулев цоги аллагь гьечIо, гьев вукIинги гIакълуялъ къабул гьабуларо.

**Нагагь цогиги аллагь вукIаравани гьев кIиясулго щивав цояв жинца бижараб жоялъул тадбир гьабулевлъун вукIинаан, цинги гьел цоцазде къацандун, цояв цоясда тIалъи гьабун хьвадилаан.** Гьедин хьвадараб мехалъ жив бергьарав Аллагьлъун хутIилаан, жив къарав гьесул лагълъун ккелаан. Жив къолев, жив цоги жоялъе лагълъун вукIунев аллагь кин вукIинев? **Жив ТIадегIанав ва вацIцIадав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьел мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса.** Гьаб гIаламалъулго ханлъун жив вугев цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго . Гьесда дандехун къеркьолеб кинабгIаги къуват букIарабани, гьаб гIаламалъул гIадлу низам бихулаан.

Гьаб махлукъат Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижараб къоялдаса бай бихьун жакъа къоялда щвезегIан гьалъул гIадлу-низам биххун гьечIо, гьениб щибго хис-баси ккун гьечIо. Гьаб буго бищунго кIудияб хIужжа ва далил Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда жинца тIоритIел гьабулеб. Дунялалъул ханзабазул гIадлу-низам нилъеда лъала щибаб заманаялъ хисулеб букIин. Цо хан бергьараб мехалъ гьокь вукIарав ханасул низам бихxун уна, цинги цогидав хан бергьараб мехалъ гьав ханасулги низам бихxун уна. ГIакълияб далил къваригIарав ва жинда жо бичIчIулев чиясе гьаб аят гIезе буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда жинца тIоритIел гьабулеб далиллъун.

**92. Жинда загьирабги, батIинабги, бихьуда бугебги, жиб рикIкIадабги жо лъалев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**

عَٰلِمِ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ فَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٩٢﴾

Жинца махлукъат бижилелдего гьеб бижиги, гьелъул тадбирги жинда лъалеб букIана. Гьаб дунял паналъун ахираталда руссиндал гьениб букIунеб кинабго жоги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъалеб буго. **Гьел мушриказ жиндехун ширк гьарулел гьересиял**

**алагьзабаздаса вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь.**

**93. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я дир БетIергьан! Дуца гьаб къавмалъе гьабулеб гIазаб дида бихьизабулеб бугони,** قُل رَّبِّ إِمَّا تُرِيَنِّي مَا يُوعَدُونَ ﴿٩٣﴾

**94. Дуца дун гьавуге БетIергьан, гьеб залимаб къавмгун цадахъ, ва гьелгун цадахъ гьалагги гьавуге»-абун.** رَبِّ فَلَا تَجْعَلْنِي فِي الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ﴿٩٤﴾

Гьаб дугIа гьабеян абун Аллагьас ﷻ жиндир аварагасда ﷺ амру гьабулеб буго: жиндир мунагь-хатIаъ гьечIого, жиндие гIазаб гьабулареблъи хIакъаб жо бугониги, гьев авараг ﷺ Аллагьасул ﷻ лагъ вугелъул жинца жив лагълъун вукIин загьир гьабизе ва Аллагьасда ﷻ хIелизе.

**95. ХIакълъунго дида кIола МухIаммад ﷺ, гьеб дур капураб къавмалъе къотIи гьабураб гIазаб дудаги бихьун гьезие гьабизе.** وَإِنَّا عَلَىٰٓ أَن نُّرِيَكَ مَا نَعِدُهُمْ لَقَٰدِرُونَ ﴿٩٥﴾

Амма гьеб гIазаб гьаби нахъе бахъун буго дица хIукму гьабураб заман щвезегIан.

**96. Мушриказ ва мунапикъаца дуе гьабулеб квешлъи дудаса нахъчIвай гьездехун лъикIаб мушавара гьабун ва берцинаб хабар бицун.** ادْفَعْ بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ السَّيِّئَةَ ۚ نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَا يَصِفُونَ ﴿٩٦﴾

**Дида лъик1 лъала гьез бицунеб хабар ва гьез дуе гьабулеб къварилъиги. Дица гьезие гьеб гIамалалда рекъараб гIазаб гьабизе буго.**

Гьаб аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас жиндир хирияв аварагасда ﷺ лъазабулеб буго квешаб къавмалъул квешлъиялдаса жив цIунулеб дару ва сабаб. Гьеб буго жиндие квешлъи гьабурасеги лъикIлъи гьаби. Гьедин гьабураб мехалъ тушманасулги гьудул лъугьула, цим бахъиги рокьа-хинлъиялда сверула.

Гьаб гIамал буго залимал гIадамазул зулмуялда данде чIезе гьунар гьечIеб мехалъ, тIасан (загьиралда) черхалъ ва мацIалъ гьездехун гьабулеб рекъел ва хIал цIуни. Амма квешал гIадамазулгун гьудуллъи гьабизе бегьуларо, гьел рокьизеги бегьуларо. Гьезулгун гьудуллъи гьабурав ва гьел рокьарав чи гьелгун цадахъ къиямасеб къоялъ тIаде вахъинавула абун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул къучIаб хIадисалдаги буго.

**97. Дуца жегиги абе МухIаммад** وَقُل رَّبِّ أَعُوذُ بِكَ مِنْ هَمَزَاتِ الشَّيَاطِينِ ﴿٩٧﴾

ﷺ! **Дица дур цIаралдалъун гьарулеб буго Бет1ергьан, дун цIуне абун щайтIаналъ вас-вас ккезабиялдаса ва гьелъ дун батIулаб жоялда гьетIизавиялдаса.**

وَأَعُوذُ بِكَ رَبِّ أَن يَحْضُرُونِ ﴿٩٨﴾

**98. Жегиги дица дурго цIаралдалъун цIуни гьарулеб буго Бет1ергьан, гьел щайтIаби дир амруялъулъ гIахьаллъиялдаса ва гьез дие зарал гьабиялдасаги**. Гьаб дугIа гьабе абунги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир хирияв аварагасда ﷺ амру гьабуна гьеб дугIа гьесул умматалъул муъминзабаца гьабизе гIоло.

حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَ أَحَدَهُمُ ٱلْمَوْتُ قَالَ رَبِّ ٱرْجِعُونِ ﴿٩٩﴾

**99. Гьел мушриказул цоясда хвел тIаде щвараб мехалъ ва рухI бахъиялъул захIмалъиги жинда бихьараб мехалъ, гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ хIелула ва жинца абула: «Я дир БетIергьан! Дуца дун чIаго тун цIидаса дунялалда гIамал гьабизе виччай.**

لَعَلِّىٓ أَعْمَلُ صَٰلِحًا فِيمَا تَرَكْتُ ۚ كَلَّآ ۚ إِنَّهَا كَلِمَةٌ هُوَ قَآئِلُهَا ۖ وَمِن وَرَآئِهِم بَرْزَخٌ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ﴿١٠٠﴾

**100. Дица гIадада биччараб гIумру лъикIаб гIамал гьабун мун разилъулеб рахъалда сверизабизеян абун. Кисаха гьесие дунялалда тIад вуссин букIинеб? Х1акълъунго гьаб буго гьес щибго хайир гьечIеб, гIададисеб рагIи абулеб мех. Гьесул рухI бахъарабго, гьесдаги дунялалдаги гьоркьоб пардав лъугьула ва гьеб пардавалда нахъвукIула, къиямасеб къо чIун тIад вахъинавизегIан.**

Гьелда абула: «Барзахалде» балеб заман абун. Инсан хвараб лахIзаталдаса бай бихьун къиямасеб къо щвезегIан гьоркьоб бугеб заман буго гьеб.

فَإِذَا نُفِخَ فِى ٱلصُّورِ فَلَآ أَنسَابَ بَيْنَهُمْ يَوْمَئِذٍ وَلَا يَتَسَآءَلُونَ ﴿١٠١﴾

**101. Къиямасеб къо чIун хварал гIадамал тIаде рахъинаризе ссур пураб мехалъ, гьел гIадамазда гьоркьоб букIараб гIагарлъи ва гьудул-гьалмагълъи тIагIун букIула.**

Гьеб къоялъ кинавго чи жиндир напсалда машгъуллъун вукIула. **Гьезул цониги чи вукIунаро цогидав чиясул хIал цIехолев.** Щивасда тIад бугеб ургъел ва къварилъи цогидаб кинабго жо жинца кIочезабураб букIула.

فَمَن ثَقُلَتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ﴿١٠٢﴾

**102. Гьеб къоялъ жиндир цIадираби лъикIаб гIамалалдалъун бакIлъарав чи вуго лъикIлъиялда каерщел батарав ва жиндие**

**алжан насиблъарав.**

وَمَنْ خَفَّتْ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ فِى جَهَنَّمَ خَٰلِدُونَ ﴿١٠٣﴾

**103. Жидер цIадираялда лъикIаб гIамал дагьлъарал гIадамал руго жидеца напс чIобого хутIизабурал, гIадада хвезабурал гIадамал. Гьел жужахIалда жанир лъугьинеги гьарула даимго гьенир жанир рукIинелъун.**

تَلْفَحُ وُجُوهَهُمُ ٱلنَّارُ وَهُمْ فِيهَا كَٰلِحُونَ ﴿١٠٤﴾

**104. Гьезул гьурмалги цIаялъ рухIулел рукIула, кинабго черхги цIаялъ бухIулеб** ва цIидаса гьан бижун цогиги, цогиги нухалъ цIаялъ бухIулеб букIула.

Гьезул сипатги жинда балагьизе хIинкъараб букIула. ЦIаялъ бухIараб бетIер кин букIунеб лъалеб батила цониги нухалъ гьеб бихьарав чиясда: кIутIби тIагIун, цаби цере лъун, беразул картIал хутIун рукIула гьезул гьурмал.

أَلَمْ تَكُنْ ءَايَٰتِى تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَكُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ﴿١٠٥﴾

**105.** Гьеб къоялъ жужахIалъул агьлуялда бадиб чIвай гьабун, гьезул ракI бекизабун, гьездехун абула: **«Нужее дир тIехьалъул аятал цIалулел рукIинчIищ, ва нуж гьел гьереси гьарун, гьезда иман лъечIого хьвадулел рукIинчIищ.**

Жакъа бихьана гурищ нужеда дунялалда аварагзабаца عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ бицунеб букIараб жо хIакъаб букIараблъи?»-абун.

قَالُوا۟ رَبَّنَا غَلَبَتْ عَلَيْنَا شِقْوَتُنَا وَكُنَّا قَوْمًا ضَآلِّينَ ﴿١٠٦﴾

**106. Гьеб капураб къавмалъ абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Нижер бахьикъосиялъ гьаруна ниж гьаб къоялде ккезе, ниж хIакъаб диналдаса къосараллъунги рукIана.**

رَبَّنَآ أَخْرِجْنَا مِنْهَا فَإِنْ عُدْنَا فَإِنَّا ظَٰلِمُونَ ﴿١٠٧﴾

**107. Я нижер БетIергьан! Дуца ниж гьаб жужахIалдаса къватIир рахъизарун цIидаса дунялалде риччай дуе гIибадат гьабизе. Гьеб мехалъ нижеца дудехун гIасилъи гьабуни цинги ниж рукIунаха тIобанго къосарал, нижерго напсазе зулму гьабулел гIадамал»-абун.**

Жидее мукIурлъиялъ щибго мунпагIат гьабулареб къоялъ гьел мукIурлъизе руго гьезул купру-ширкалъе. Жидер гьари къабул гьабулареб къоялъ гьез Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ гурхIел ва тIаса лъугьиги гьаризе буго. Гьез бицунеб жо щиб бугеб лъачIого, жал цIидаса дунялалда риччаянги абизе буго. Амма гьезие жаваб цIакъ къокъаб ва

къвакIараб букIула.

**108. Аллагьасул ﷻ рахъалъан гьезда абула: «Нуж тIагIа цереса! гьеб цIеда жанир тIепун чIа ва дидехун щибго калам гьабуге!»-абун.** قَالَ ٱخۡسَـُٔواْ فِيهَا وَلَا تُكَلِّمُونِ ١٠٨

**109. Х1акълъунго Дида иман лъурал муъминзабазул цо къокъа букIана жидеца абулел: «Я нижер БетIергьан Аллагь ﷻ! Нижеца дуда иман лъуна, дур аварагги ﷺ ритIухъ гьавуна, дур Къуръанги къабул гьабуна. Дуца нижер мунагьал чуре ва мун нижеда гурхIа! ГурхIел гьабулезул бищунго лъикIав вуго Мун»-абун.** إِنَّهُۥ كَانَ فَرِيقٞ مِّنۡ عِبَادِي يَقُولُونَ رَبَّنَآ ءَامَنَّا فَٱغۡفِرۡ لَنَا وَٱرۡحَمۡنَا وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلرَّٰحِمِينَ ١٠٩

Гьал муъминзаби руго Маккаялъул къурайшиязул къосарал ва залимал гIадамаз жидее гIакъуба ва гIазаб гьабулел рукIарал; Билал, Хабаб, Ссугьайб, ГIаммар ва цогидалги мискинал ва загIипал асхIабзаби رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ.

**110. Гьел муъминзаби махсароде гьарун нуж гьезда тIад релъанхъулелги рукIана. Гьеб гIамалалда руссун нужеда дун БетIергьан вукIинги кIочон тана ва дир гIазаб ракIалда щолебги букIинчIо.** فَٱتَّخَذۡتُمُوهُمۡ سِخۡرِيًّا حَتَّىٰٓ أَنسَوۡكُمۡ ذِكۡرِي وَكُنتُم مِّنۡهُمۡ تَضۡحَكُونَ ١١٠

Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ буго жакъа нужее гьабулеб жужахIалъул гIазаб.

**111. Х1акълъунго гьел муъминзабазе Дица жакъа цIакъ лъикIаб жазаъ гьабуна, гьез дунялалъул рукъоб дие гIибадат гьабиялда тIад чIун ва нужер къварилъи- гIазаб хIехьон сабро гьабиялда данде. Х1акълъунго гьел алжаналъул нигIматазда жидер каерщел батараздаса руго.** إِنِّي جَزَيۡتُهُمُ ٱلۡيَوۡمَ بِمَا صَبَرُوٓاْ أَنَّهُمۡ هُمُ ٱلۡفَآئِزُونَ ١١١

**112. Капурзабазде Аллагьасул ﷻ рахъалъан абула: «Нужеца дунялалъул рукъоб чан сон бараб?»-абун.** قَٰلَ كَمۡ لَبِثۡتُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ عَدَدَ سِنِينَ ١١٢

**113. Гьез абула; «Гьениб нижеца цо къо бан батила, яги цо тIобараб къоцин бан батиларо. Гьеб жо гьикъе жидеда хIисаб гьабизе лъалел гIадамазда»-абун.** قَالُواْ لَبِثۡنَا يَوۡمًا أَوۡ بَعۡضَ يَوۡمٖ فَسۡـَٔلِ ٱلۡعَآدِّينَ ١١٣

Гьезул гIакълo ун, дунялалда бараб заман кIочон букIуна, гьеб къоялъул

хIинкъи ва захIмалъи цIикIк1араб букIиналъ.

قَٰلَ إِن لَّبِثْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا لَّوْ أَنَّكُمْ كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١١٤﴾

**114. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан абула: «БитIараб буго нужеца бицунеб жо. ЦIакъ дагьаб заман бана нужеца дунялалда**, гьанже хадуб абадияб жужахIалда базе бугеб заманалда данде ккун.

**Х1акълъунго нуж гIакъло бугел, жо лъалел гIадамал рукIаралани** нужеда дунял хIакъираб, жиб тIаса унеб жо букIин лъазе букIана ва ахиратги кIочон дунял тIалаб гьабулеллъун рукIизе рукIинчIо.

أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَٰكُمْ عَبَثًا وَأَنَّكُمْ إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ ﴿١١٥﴾

**115. Нужеда ракIалдайщ кколеб, я гьал гIадамал, Х1акълъунго Дица нуж гIададаго, щибго мурад гьечIого рижанин ва нуж ахираталда дида руссинеги гьечIин абун.**

Гьедин гьечIо амру. Дица нуж хIайваналгIадин кванан-гьекъон гIалахалда рукIине, цинги хун ракьлъунги рукIине рижарал гьечIо. Нужее гIакъло- лъайги кьун, лъикIаб квешаб жоги баян гьабун, нужеда дин малъизе аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIун,- дица нуж рижун руго дие гIибадат гьабизе ва ахираталда нужер гIамалазда релълъараб жазаъги нужее гьабизе.

فَتَعَٰلَى ٱللَّهُ ٱلْمَلِكُ ٱلْحَقُّ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ رَبُّ ٱلْعَرْشِ ٱلْكَرِيمِ ﴿١١٦﴾

**116. Жив ТIадегIанав, жиндир гуч ва ханлъи бергьарав вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.** Жиндир махлукъаталъул тадбир гьабулев, жиндие бокьараб хIалалъ гьеб хьвадизабулев, гIададисеб, мурад-пайда гьечIеб жо гьабуларев хан вуго гьев БетIергьан Аллагь.

**Жиндир ханлъи т1аса унарев х1акъав хан вуго Аллагь. Жив гурев цоги Аллагьги гьечIо. Хирияб гIарщалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.**

ГIарщ хирияб буго гьеб гIарщалъул БетIергьан хирияв вукIиналдалъун ва кинабго баракат ва рахIмат гьеб гIарщалдаса рештIунеб бугелъул.

وَمَن يَدْعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ لَا بُرْهَٰنَ لَهُۥ بِهِۦ فَإِنَّمَا حِسَابُهُۥ عِندَ رَبِّهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلْكَٰفِرُونَ ﴿١١٧﴾

**117. Щибго жидее хIужа-далилго гьечIого гьев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ширк гьабун жидеца алагьзабилъун ккурал хъанчазе, хIайваназе ва гIадамазе лагълъи гьабулел гIадамазул хIисаб-мизан гьезул БетIергьанас гьабизе буго.**

**Х1акълъунго гьеб хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ капурзабазул ва**

**мушриказул лъикIлъиялда каерщел батуларо.**

Гьел жидее хIакълъараб жужахIалъур лъугьинарула ва даимго гьенир жанирги рукIула.

**118. Дуца абе МухIаммад ﷺ! «Я дир БетIергьан: Дуца дир мунагьал чуре, мун дидаги гурхIа, жидеца гурхIел-рахIму гьабулезул бищунго лъикIав вуго мун»-абун.** وَقُل رَّبِّ ٱغۡفِرۡ وَٱرۡحَمۡ وَأَنتَ خَيۡرُ ٱلرَّٰحِمِينَ ﴿١١٨﴾

Гьаб дугIа буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас ﷻ «дуца абеян»- амру гьабун бугониги, гьев аварагасул ﷺ умматалъ гьабизе тIадаб дугIа. Гьел ругелъул жидер мунагь-хатIа кколел, жидеца Аллагьасда ﷻ гIасилъаби гьарулел ва гьев Аллагь ﷻ гурхIун, гьев тIаса лъугьун гурони жидее хвасарлъи гьечIел.

Аллагьума я нижер БетIергьан Аллагь! Мун нижеда гурхIа кинабго махлукъаталда гIаммаб дур гурхIелалдалъун. Дуца нижер мунагьалги рахче, мун нижеда тIасаги лъугьа. Церехун гьарун арал квешал гIамалаздаса гьабураб нижер тавбоги къабул гьабе, хадусеб гIумруялъ мун разияб гIамал гьабун хьвадизе тавпикъги гьабе. Нижер ахирияб хIухьелги мун цо гьавун, дур авараг ритIухъ гьавун босулеблъун гьабе. Ахираталда дуда цере чIараб къоялъги мун гурхIун, дур цIоб-рахIматалдалъун мун разияб агьлугун цадахъ нигIматазул алжаналда лъугьинаре: «Аллагьума Амин».

ТIадегIанав Аллагьас гьаб хирияб сураталъул бай бихьи гьабун букIана: «Муъминзабазул лъикIлъиялда каерщел батана»-абураб рагIиялдалъун. Гьеб сурат тIубалеб бакIалдаги ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Капурзабазул лъикIлъиялда каерщел батуларо»-абун. Гьаб кIиго рагIиялда жаниб хирияв Аллагьас ﷻ гIемераб магIна лъун буго. Гьеб кIиго рагIиялъул пикру гьабурав чиясе гьелъул вагIза лъугьине ва гьелдаса гIакъло босизе тIадаб буго.

Дунял- ахираталъул лъикIлъиялда каерщел батулеб, кIиябго рукъалъул бахьи буголъи жиндие щолеб, жив вижарав, жив хьихьулев, жив хвезавулев БетIергьан Аллагьасда иман лъун, гьес дин малъизе витIарав хирияв аварагасда ﷺ нахъвилълъун хьвадизе тIадаб буго кинавниги инсанасда. Аллагьас ﷻ гьев инсан вижиги гьеб мурадалда буго. Хирияв Аллагьас ﷻ жиндир Къуръаналда жаниб абун бугелъул: «Дица гIадамалги жиндулги рижичIо дие лагълъи гьабизе гурони»-абун. Гьадин Аллагьасда ﷻ иманги лъун, гьесул расуласда нахъги вилълъун хьвади цIакъ ракI парахатаб, жинца гьабулеб жо жиндаго лъалеб, жиндир кинабго гIамал борцулеб ва цIалеб цIадиро жиндие бугеб хьвади буго. Щибго щаклъи гьечIого

гьев муъминчи алжаналда ине вуго.

Къуръан-хIадисалда жаниб гIемераб къотIи буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расуласул нух ккурав чи алжаналда вукIине вуго абун. Гьалдаги тIаде Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб лагълъи гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъулеб, гьесие бокьулеб, гьесул мурад бич1чIун гьабураб мехалъ, гьев муъминчи алжаналда жаниб жиндир даража-макъам тIадегIанавлъун вукIула. Гьеб макъамалда щолел чагIазул бицун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абун буго: «Гьел руго аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ, жидер иманалъулъ цIакъ ритIухъал муъминзаби, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло рухI бичарал шагьидзаби, жидеца гьабулеб гIамал кинабго рахъалъан лъикI гьабурал муъминзаби»-абун. Гьал жидер макъам тIадегIанал, жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вихьулел, гьес жидеда калам гьабулеллъун рукIине бокьарал муъминзабазда тIадаб буго гьаб ракьалда тIад цохIо Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин букIинабиялъе яхI бахъизе.

Исламалъул бай бихьи, гьелъул асло; (Лаилагьа илла Ллагьу МухIаммадун расулуллагь) абураб рагIи абун Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласдаги иман лъун гьезда мутIигIлъун, гьезул амру-нагью тIубан хьвадизе бай бихьи буго. Исламалъул бищунго тIадегIанаб макъам гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин цIунун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал муъминзаби цIунун, гьел жинда тIад ругеб исламияб ракь цIунун хьвади буго. Жиндир черхалда рухIги бугев, рекIеда яхIги бугев, жиндир иманги камилав муъминчияс гьаб тIадегIанаб макъам цIехола.

Жидер иман загIипал, рекIелъ яхI гьечIел, черхалда божи гьечIел гIадамаз гьаб тIадегIанаб макъам цIехолел муъминзабазе квалквал гьабула, гьезул иманги динги дунялалъул лазат-рахIат тIалаб гьабиялда буссун букIуна. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нухалда, гьесул дин цIунун хьвадичIого рукIиналъе азарго батIияб гIузруги бачуна.

Багьа тIадегIанаб, къимат-къадро кIудияб жо цIакъ дагьаб букIула. Гьедин бугелъул гьаб тIадегIанаб макъам бокьарал гIадамалги цIакъго дагьал руго. Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Масг1удица абуна: «ХIакъаб жоялда вугев чи вуго исламияб жамагIат, цохIо чи вугониги»-абун.

ГIемерал гIадамазе бокьараб, гьез къабул гьабураб жо букIуларо ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб хIакъаб жо. ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб, гьес гьабеян амру гьабураб, гьеб гьабурасе жив разилъи ва алжан букIине бугин Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи гьабураб жо буго унгого хIакъаб.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жив разияб гIамал гьабизе иманги, гIакълуги, сабруги кьеги. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хьвадулаго тIаде бачIараб захIмалъи, къварилъи хIехьезе яхIги, къуватги кьеги.

Суратул Муъминунаялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 24. Сурату-Ннур

سُورَةُ النُّورِ

*Мадинаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда ункъго аят бугеб.*

*Гьаб сурат Мадинаялда рештIине гьабураб бугелъул, гьалда жаниб шаргIиял ахIкамал рицинальул кIвар цIикIкIараб буго. Исламияб умматалъего гIаммал хIукмаби ва исламияб хъизаналда хасал хIукмаби баян гьарун руго. Инсанас жиндир черх куцазе рекъарал берцинал тIабигIатал рицун руго. Исламияб жамагIаталъул аслу цо исламияб хъизан бугелъул, гьеб хъизаналъул хьвади кин букIунеб баян гьабун буго: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин битIун хьвадизе гьаби, черх цIуни, рацIалъи цIуни, цоцазул адаб хъатир гьаби. Рукъов жанив вачIулес изну тIалаб гьаби, гьенир ругезе салам кьей, жиндир гIаврат бахчун хьвади, жив чияр гIавраталда валагьунгутIи бицун буго. Бихьиналги руччабиги цо мажлисалда цоцаде бадир балагьун рукIине бегьун гутIи баян гьабун буго.*

*Гьаб сураталда жанир шаргIиял хIадалги рицун руго: зина гьабиялъул, рогьоб баялъул хIад, жандир чIужуялъ зина гьабуна, гьелъ гьабураб лъимер дир гьечIо абурал рос лъадиялъул хIукму ва гьезда «ЛигIан» (дие лагIнат батаги абун гьа гьеди) гьабизабулеб къагIидаги бицун буго.*

*ШаргIиял хIадал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъун руго исламияб жамагIат къабихIаб, чорокаб гIамалалдаса цIунизе ва хъизан-рукъ берцинаб хIалалъ гIуцIун букIине, щивав чияс жиндие бокьараб хIалалъ хIукму гьабун гIадлу хвей ва тушманлъи ракьалда тIад тIибитIун гутIизе. Гьаб сураталда жанир руччабазда хурхарал масъалаби гIемер руго. Гьедин букIиналъ жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас ГIиракъалда Куфат шагьаралъул агьлуялъухъе битIараб кагъаталда хъван букIана: «Нужеца нужер руччабазе сурату Ннур цIале, гьезда гьеб лъазабе»-абун.*

*Гьаб сураталда цIар лъун буго нуралъул сурат абун. Гьеб цIар теялъе гIиллаги буго гьалда жанир ругел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шаргIиял ахIкамаз бецIаб сардилъ нур балеб цIураб моцIалъ гIадин муъминзабазул ракIазда иманалъул нур базабулеб букIиналъ. Гьев ТIадегIанав Аллагьас жиндие сипат гьабун абун букIиналъги: «Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго зобал ракьазул нур»-абун.*

*Аллагьас ﷻ нилъер ракIал жив лъаялъул, жинда иман лъеялъул нуралдалъун гвангъизареги. Гьаб хирияб Къуръанги нилъер ракIазда нур баялъе сабаблъун гьабеги. Амин.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

سُورَةٌ أَنزَلْنَٰهَا وَفَرَضْنَٰهَا وَأَنزَلْنَا فِيهَآ ءَايَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ لَّعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ﴿١﴾

**1. Гьаб буго МухIаммад ﷺ, дица дуда рештIинарурал Къуръаналъул суратаздаса жиб бугеб, жиндир къадро кIудияб сурат.**
**Гьаб сурат рештIинабуна ва гьелда жанир рицарал шаргIиял ахIкамалги дуда ва дур умматалда тIад парз гьаруна,** жидеда мутIигIлъизе тIадаллъун гьаруна. **Дица гьаб сураталда жанир жидер магIна баянал, жидеца шаргIиял хIукмаби рицунел аяталги рештIинаруна. Гьел аятал нужеца цIализе, гьезда гIамалги гьабизе ва гьездаса вагIза- насихIат босун, Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун, гьесие гIибадат гьабун нуж хьвадизе.**
ГIараб мацIалда жаниб «сурат» абураб рагIиялъул магIна буго жиб борхатаб, жиндир къадро бугеб абураб. Шагьаралда сверун гьабураб сангаралдаги «ас-суру»-абула, гьелъул къадал рорхатал рукIиналъ ва гьеб жиндир къадро бугеб, шагьаралъул агьлу жиндалъун тушманасдаса божилъиялда рукIунеб жолъун букIиналъ. Къуръаналда жаниб жиндир авалги ахирги бугеб, жинда жаниб чанго аятги бугеб къотIелалда цIар тана «сурат»-абун, гьеб жиндир къадро кIудияб, ТIадегIанав Аллагьасул калам букIиналъе гIоло. Бищунго къокъаб сурат буго жинда жаниб лъабго аят бугеб. Гьаб лъабго аят жаниб бугеб сураталда релъараб жоцин капурзабазда гьабизе кIвечIеб, жиндир къадро кIудияб Аллагьасул ﷻ калам буго гьаб Къуръан.

ٱلزَّانِيَةُ وَٱلزَّانِى فَٱجْلِدُوا۟ كُلَّ وَٰحِدٍ مِّنْهُمَا مِا۟ئَةَ جَلْدَةٍ وَلَا تَأْخُذْكُم بِهِمَا رَأْفَةٌ فِى دِينِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ تُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ وَلْيَشْهَدْ عَذَابَهُمَا طَآئِفَةٌ مِّنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٢﴾

**2. Жинца зина гьабурай гIадан ва жинца зина гьабурав чи,** шаргIияб магьари лъун рос лъадилъун рукIинчIел гIолилал ругони, **нужеца гьезие хIад гьабе щивав цоясе нусго тIил кьабун.**
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул суннаталъ баян гьабуна гьел гIолилаз зина гьабураб мехалъ гьаб нусго тIил кьабиялда тIадеги цо лъагIелалъ ватIаналдаса къватIир къотIула абун. Жинца зина гьабурав чи «МухIссан» вугони: цо нухалъ магьариги лъун рос лъудилъун лъугьарал ва цоцаде аскIор регарал гIадамазда абула мухIссанал абун,

гьев чияс зина гьабураб мехалъ гьесие хIад буго чIимих реч1чIун чIвай. ЧIужугIадамалда хIал гьабун зина гьабуни гьелда хIад кьабуларо ва гьей чIимих реч1чIун чIваларо. Бихьинчияс абуни жив хIалги гьабун зина гьабизе тIамунин абун, гьесул рагIи къабул гьабуларо.

**Аллагьасул ﷻ хIад гьаби тIалъараб мехалъ нужеца гьел гIадамазада гурхIел гьабун хIад гьабичIого тоге.** Гьеб хIад гьабулеб мехалъ нусгоялдаса дагьал тIилал кьабун тоге, гьеб тIил кьабиги тIадагьго, бигьаго гьабуге. Аллагьасул ﷻ шаргIалда бугеб хIад гьабизе тIалъараб мехалъ гьеб хIад гьабичIого тезе бегьуларо гурхIел гьабун, гIагарлъи хал гьабун, насаб ва къадро хал гьабун. **Нуж Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман лъурал гIадамал ратани, нужеца Аллагьасул ﷻ хIадги шаргIалда рекъон тIубазабе. Гьел зиначагIазе гIазаб гьабулеб мехалъ муъминзабазул цо къокъаги букIа гьеб гIазаб гьабулеб бакIалда.** Гьелдалъун дол зиначагIи нечезаризе ва гьеб къабихIаб пиша гьабиялдаса цогидал гIадамалги нахъчIван чIезе.

Гьаб зинадул хIад бугониги, цIогьалъул, рогьоб баялъул хIад бугониги ва цогидабги шаргIияб хIад гьабула шаргIалда рекъон хIукму гьабулев имамас, яги гьесул наибас хIукмуги гьабун, гьес хIад тIубазабизе изно кьун риччарал гIадамаз. Жакъа къоялда жаниб Дагъистаналъул ракьалда, гьединго капурзабазул ихтиаралда гъоркь ругел бусурбазул ракьазда Аллагьасул ﷻ хIадал тIуразаризе рес гьечIо. Аллагьасул ﷻ хIад тIубачIого тей буго цIакъ кIудияб мунагь, Аллагьасул ﷻ ццим бахъи ва гьес гIазаб гьаби халкъалда рештIиналъе сабаблъун букIунеб. Аллагьасул ﷻ хIад тIубазе ихтияр гьечIел гIадамаз жал бусурбаби ругин ва жидее дин гьабизе лъицаго гьукъун гьечIин абун капурзабазул хIукмуги, гьезул ханлъиги къабул гьаби, гьеб ханлъи тIаса реххизе ва Аллагьасул шарг1 билъанхъизабизе къеркьолел г1адамазда гIайиб чIвайги буго дунял ахиралда г1агарлъун букIиналъул ва диналда жанир г1адамал пасалъун рукIиналъул гIаламат.

ИбнухатIибица абуна: ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят бай бихьулеб бакIалда «жинца зина гьабурай гIадан» абун, гьей зина гьабурай чIужу зина гьабурав чиясдаса цее рехсеялъул хIикмат буго гьей чIужугIадан йикIин зина лъугьиналъе сабаблъун жий кколей, жинца гьелда нуцIа рагьулей.

Гьей гIадамалъ хIеренаб каламалдалъун дов зиначиясул хьул лъезабун букIинчIебани, гьелъ хьимун елъун ва берал чалухлъизарун дов аскIовги цIан вукIинчIевани, жиндир чорхол берцинлъаби загьир гьарун досул гIакълоги инзабун букIинчIебани, гьев питнаялда ккезе

гьавулел жиндир лугбиги церелъун рукIинчIелани, цинги гьал киналго сабабалги рекъезарун жинца гьев цоги чи гьечIеб бакIалда жинда тIаде лъугьизеги тун вукIинчIевани,-гьел кIияздаго гьоркьоб лъабабилеб щайтIанги бугеб мажлисги гIуцIун: гьеб зинаги лъугьиларoан, гьелъул къадроги лъицаго хвезабиларoан. Гьелъул чIухIиги суризабиларoан. Узденай, хIурмат цIунарайлъун йикIарай гьей зиначIужулъун, къабихIай чIужулъунги лъугьиларoан.

Гьаб зина гьаби киналго пасалъаби жинда тIад рачIулеб иш букIин бицинчIониги лъалеб масъала буго: хъизан рукъ биххиги, тушманлъи ккейги, квешал унтаби рахиги. Исламияб жамагIат гьеб диналдаса ва исламиял тIабигIатаздаса рахъулеб жо букIиналъ, шаргIалда гьелъул хIад цIакъ къвакIараб гьабун буго. Амма Аллагьасул ﷻ тушбабаз рахъарал къануназда жаниб гьеб зина гьаби хIалал гьабун буго, гьелда тIад кIалъалев чиги гьечIо, гьеб сурукъаб, инжитаб жолъунги рикIкIулеб гьечIо.

**3. Жинца зина гьабулев чияс зина гьабуларо ва чIужулъун ккун хIалтIизаюларо зиначIужу гурони яги хьанчие лагълъи гьабулей, цIадуе лагълъи гьабулей чIужу гурони.**

ٱلزَّانِي لَا يَنكِحُ إِلَّا زَانِيَةً أَوۡ مُشۡرِكَةٗ وَٱلزَّانِيَةُ لَا يَنكِحُهَآ إِلَّا زَانٍ أَوۡ مُشۡرِكٞۚ وَحُرِّمَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٣

**Жинца зина гьабулей чIужуялда зина гьабуларо гьелдаго релълъарав зиначияс гурони яги мушрикасги гурони.**

Гьей чIужулъунги кколаро гьелдаго релълъарал чорокал, къабихIал гIадамаз гурони. **Гьеб зина гьаби ва зиначагIазулгун ригьин гьаби Аллагьас ﷻ муъинзабазе хIарам гьабун буго.**

Аварагасдаса ﷺ бицараб хIадисалда буго: *«Жиндир рекIелъ иман бугев чияс зина гьабуларо»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана. Гьаб зина кIудияб мунагьаздаса бугониги, тавбо гьабун гьеб квешаб гIамал тун вуссарасул тавбо Аллагьас ﷻ къабул гьабула ва тавбо гьабун лъикIаб гIамалалда вуссарав чиясулгун ригьин гьабизеги бегьула.

**4. Жидеца рац1цIадал муъминал руччабазда «зиначIужу» абун рогьоб барал гIадамазда, гьеб зина гьабунин абун нугIлъи гьабулев ункъго чиги гьечIони, нужеца гьезда ункъого тIил кьабе. Гьезул нугIлъиги къабул гьабуге абадиялъго, гьел руго пасикъал, Аллагьасе ﷻ мутIигIлъиялдаса рахъарал гIадамал.**

وَٱلَّذِينَ يَرۡمُونَ ٱلۡمُحۡصَنَٰتِ ثُمَّ لَمۡ يَأۡتُواْ بِأَرۡبَعَةِ شُهَدَآءَ فَٱجۡلِدُوهُمۡ ثَمَٰنِينَ جَلۡدَةٗ وَلَا تَقۡبَلُواْ لَهُمۡ شَهَٰدَةً أَبَدٗاۚ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡفَٰسِقُونَ ٤

Жидеца муъминал руччабазул къадро хвезабурал, гьезда кIудияб

бугьтанги лъурал. Жидеца шаргIалъул гIорхъабиги хвезарурал-Аллагьас ﷻ хIарам гьабураб гьереси бицун ва бугьтан лъун.

Гьаб аятада жаниб: «рац1цIадал муъминал руччабазда жидеца рогьоб барал»-абун абиялъул хIикмат буго, жал зина гьабиялдалъун машгьурал, жидер къадро-къимат гIодогIанал, жидер нич-намус гьечIел гIадамазда «зиначагIи» абун рогьоб баялдалъун хIад къабизе тIалъуларо, гьезул шаргIалъ хIурмат цIунуларо, гьез жидер хIурмат цIунун гьечIелъул, цогидазда гьезул хIурмат цIунеян абуларо.

Ибнукасирица абуна: ТIадегIанав Аллагьас гьересияб рогьоб барав чиясда тIад лъабго гIакъуба гьабуна: ункъого тIил къаби, гьесул нугIлъи къабул гьабун гутIи, гьев Аллагьасда ﷻ ва гIадамазда цеве пасикъав чи вукIин. Жиндир рагIи босуларев ва жиндир нугIлъиги къабул гьабуларев.

**5. Гьеб кIудияб мунагь гьабун хадуб жидеца тавбо гьабурал гIадамални гьечIо пасикъзаби.** إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُواْ مِنۢ بَعۡدِ ذَٰلِكَ وَأَصۡلَحُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ۝٥

Жиндир мунагьазада ракI бухIун, тIокIаб гьединаб гIасилъи гьабиларо абун къотIи гьабун, **жидеца лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал. ХIакълъунго Аллагь ﷻ тавбо къабул гьабулев ва жив гурхIулев вуго.** Нужги гьездаса тIаса лъугьа ва гьезулгун хIал рекъезабун лъикIаб гIамал гьабе.

Гьаб рогьоб барал гIадамазул нугIлъи абадиялъго къабул гьабуларо абуна Ибнукасирица ва ИбнухатIибица. Гьез тавбо гьабураб мехалъ гьезул нугIлъиги къабул гьабула абуна Ас-сабунияс.

**6. Жидеца жиндир чIужуялъ зина гьабунин абурал ва жалгун цадахъ цоги нугIзалги гьечIел, гьев чияс ункъго нухалъ Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун гьа гьедун нугIлъи гьабизе ккола, х1акълъунго жинца бицунеб жоялъулъ жив ритIухъав вуго абун.** وَٱلَّذِينَ يَرۡمُونَ أَزۡوَٰجَهُمۡ وَلَمۡ يَكُن لَّهُمۡ شُهَدَآءُ إِلَّآ أَنفُسُهُمۡ فَشَهَٰدَةُ أَحَدِهِمۡ أَرۡبَعُ شَهَٰدَٰتِۭ بِٱللَّهِ إِنَّهُۥ لَمِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ۝٦

**7. Щуабилеб нухалъги гьес гьа гьедун абизе ккола дие Аллагьасул ﷻ наг1ана батаги, дица гьереси бицунеб батани абун.** وَٱلۡخَٰمِسَةُ أَنَّ لَعۡنَتَ ٱللَّهِ عَلَيۡهِ إِن كَانَ مِنَ ٱلۡكَٰذِبِينَ ۝٧

**8. Гьев чиясул чIужуялдаса гIазаб нахъчIвала:** гьев росасул нугIлъиялдалъун жинда тIалъараб зинаялъул хIад нахъчIвала. وَيَدۡرَؤُاْ عَنۡهَا ٱلۡعَذَابَ أَن تَشۡهَدَ أَرۡبَعَ شَهَٰدَٰتِۭ بِٱللَّهِ إِنَّهُۥ لَمِنَ ٱلۡكَٰذِبِينَ ۝٨

**Гьей чIужуялъ ункъго нухалъ Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун**

**нугӀлъи гьабиялъ х1акълъунго гьев рос жинца гьереси бицунев чи вугоян абун.**

**9. Щуабилеб нухалъги Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **цӀаралдалъун гьедун гьей чӀужуялъ абизе кола: «Х1акълъунго дида Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ццим бахъаги гьев росас бицунеб жо битӀун батани»-абун.**

وَٱلۡخَٰمِسَةَ أَنَّ غَضَبَ ٱللَّهِ عَلَيۡهَآ إِن كَانَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ٩

**10. ТӀадегӀанав Аллагьасул гурхӀел-рахӀму букӀун гурони ва гьесул цӀобги букӀун гурони,** нужеда цӀакъ кӀудияб гӀакъуба гӀазаб щвелаан.

وَلَوۡلَا فَضۡلُ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ وَرَحۡمَتُهُۥ وَأَنَّ ٱللَّهَ تَوَّابٌ حَكِيمٌ ١٠

**Х1акълъунго ТӀадагӀанав Аллагь тавбо къабул гьабулев, жиндир хӀукму- къадаралъулъ хӀикмат-пайда бугеб иш гьабулев вуго.**

АбусагӀудица абуна: ТӀадегӀанав Аллагьас гьаб аяталда жаниб рехсараб хӀукму гьаб хӀалалъ мухӀкан гьабун букӀинчӀебани, гӀемераб къварилъи ккезе бегьилаан. Росас жиндир чӀужуялъ зина гьабуна абураб мехалъ гьев росгун цадахъ цоги лъабго нугӀ гьечӀони гьесда рогьоб баялъул хӀад кьабизе кколаан, гьев жинца бицунеб рагӀиялъулъ ритӀухъав вугониги. Гьелдаги тӀад гьев гӀадамазда цеве гӀодогӀанлъун, нечаравлъунги хутӀилаан. Гьев росасул нугӀлъиги босун дой чӀужуялда хӀад гьабуни, дой жиндир рахъкквезе рес гьечӀей, жий цӀунизе сабаб гьечӀейлъун ккелаан. Жив ТӀадегӀанав ва вацӀц1адав Аллагьас гьал кӀиялго ращад гьарулеб хӀукму гьабуна: кӀиязулго гьа къабул гьабуна ва гьезул хӀакъикъияб амру Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндаго тӀамун тана: ахираталда гьезул цоялал гьересиял рукӀина ва гьесие мустах1икъаб жазаъ гьабила.

ШаргӀалда гьаб хӀукмуялда «лигӀан» гьаби абула. Гьаб лигӀан гьабун хадуб гьел росс-лъади цоцаздаса ратӀа гьарула, гьелдаса хадуб гьел цӀидаса магьари лъун рослъадилъунги лъугьуларо. Гьелда абула абадияб ратӀалъи абун. Гьел рос-лъадиялъ цо-цазул ирсги босуларо. Гьезда гьоркьоб лъугьараб лъимер бугони ва гьеб лъимер жиндир гьечӀин росас гьа гьедун нугӀлъи гьабуни, гьеб лъимер гьесул рикӀкӀунаро, гьеб эбелалда нахъ регӀизабула ва эмен гьечӀеб лъимерлъун букӀула.

Гьаб лигӀаналъул аят рештӀинабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ИбнугӀаббасидаса бицараб халатаб хӀадис буго. Дагьабго къокъ гьабун, гьеб хӀадисалъул хӀасил баян гьабила:

ТӀадегӀанав Аллагьас: «Жидеца рац1цӀадал муъминал руччабазда зина гьабуна абун рогьоб барал гӀадамал…»-абураб аят рештӀинабураб мехалъ (4 абилеб аят) жинда Аллагь разилъаяв Ансариязул сайид, СагӀдо

ибну ГӀубадатица абуна: *«Валлагьи, я расулаллагьи ﷺ, дида лъала гьеб Аллагьас ﷻ рештӀинабураб хӀакъаб аят букӀин. Киниги дун гӀажаиб гьавулеб жо буго дида дир чӀужу ятараб мехалъ цо чи жиндир бохдузда гьоркьовги лъугьун, дие рес букӀунеб гьечӀоха гьесда кӀалъазе ва гьев хӀинкъизавизе, дун ункъго нугӀги вачун гьенив вачӀун гурони. Валлагьи, дида гьел нугӀзалги ратуларо гьев чи жиндирго хӀажатги тӀубан нахъе инегӀан»-абун.*

*Цодагьаб заман гьоркьоб арабго, Гьилал ибну Умаят абулев асхӀаб тӀаде вачӀана ва гьес абуна:*

*«Дун дир ах-хур бугеб бакӀалдаса сардилъ рукъов вачӀараб мехалъ дида дир чӀужуялда аскӀов цо чи ватана, гьев дир берездаги вихьана, гьезул рагъариги дир гӀиналда рагӀана, амма дица щибго жо гьабичӀо сордо рогьун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вачӀинегӀан ва гьесда гьаб хабар биценегӀан»-абун. Гьеб хабар аварагасе ﷺ цӀакъ захӀмалъана ва гьес абуна: «Дуца нугӀзал рачине ккола, яги дур мугъалда хӀад кьабизе ккола»-абун. Жинда Аллагь разилъаяв Гьилалица абуна: «Мун жинца авараглъун витӀарав Аллагьасул ﷻ цӀаралдалъун гьедулев вуго дун, дица битӀараб бицунеб буго абун. Валлагьи, Аллагьас ﷻ дир мугъ хӀад кьабиялдаса хвасар гьабун аят рештӀинабизе буго»-абун. Цинги Жабраил малаик вачӀана хирияв аварагасда ﷺ вахӀю босун ва гьаб щуябго аят рещтӀинабуна* (6-10).

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Гьилал ва гьесул чӀужу асхӀабзабазда цере чӀезарун гьезие вагӀза гьабуна гьересияб гьа гьедизе бегьунгутӀиялъул, ахираталъул гӀазаб гучаб букӀиналъул ва хадубги аварагас ﷺ абуна:*

*«Аллагьасда ﷻ лъала нуж кӀиязулго цоял гьереси бицунел рукӀин. Нужеца тавбо гьабиларищ?-абун. Гьилал асхӀабас абуна: «Валлагьи, гьаб гьа гьедун абун Аллагьас ﷻ дие гӀазаб гьабизе гьечӀо, дир мугъалда хӀадги кьабичӀеб гӀадин»- абун. Гьесул чӀужуялъе вагӀза гьабидал ва щуабилеб гьа гьедун «дида Аллагьасул ﷻ ццим бахъаги гьев Гьилал жинца битӀараб бицунев ватаниян» абулеб мехалъ, гьей чӀун хутӀун йикӀана ва гьей гьереси бициялъе мукӀурлъилин хьул букӀана. Цинги гьелъ абуна: «Валлагьи, дица дир къавм суризе ва нечезе гьабиларо гьаб къоялдасан бай бихьун»-абун ва щуабилебги гьа гьедана.* ХӀадис имам АхӀмадица бицана.

**11. ХӀакълъунго жидеца цӀакъ кӀудияб гьереси бицарал ва бугьтан лъурал гӀадамал нужедаса цо къокъа буго.** Цо

إِنَّ ٱلَّذِينَ جَآءُو بِٱلۡإِفۡكِ عُصۡبَةٞ مِّنكُمۡۚ لَا تَحۡسَبُوهُ شَرّٗا لَّكُمۖ بَلۡ هُوَ خَيۡرٞ لَّكُمۡۚ لِكُلِّ

ٱمۡرِيٕٖ مِّنۡهُم مَّا ٱكۡتَسَبَ مِنَ ٱلۡإِثۡمِۚ وَٱلَّذِي تَوَلَّىٰ كِبۡرَهُۥ مِنۡهُمۡ لَهُۥ عَذَابٌ عَظِيمٞ ١١

чи гьечІо, кІиго чиги гьечІо, гІезегІанго гІадамал руго жал щайтІаналъ къосизарурал, жидер ракІазулъ щаклъиги лъугьизабурал.

Гьеб къокъаялъул цевехъан мунапикъзабазул бетІер ГІабдуллагь ибну Убаю вукІана, жинца гьеб хабар тІибитІизабурав ва гьелда гІадамалги божизарурав. Гьеб кІудияб бугьтанги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасул чІужу, Абубакарил яс ГІаишатида лъураб бугьтан букІана. Гьеб бугьтаналъул хІакъалъулъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ анцІго аят páштІинабун буго (11-20). Гьел аятал хъван тІубараб мехалъ, Аллагь разилъаяй ГІаишатица бицараб халатаб хІадис хъван, иншаАллагьу, гьеб бугьтаналъул хІакъикъат баян гьабизе буго.

ТІадегІанав Аллагьас абулеб буго: **Нужеда ракІалда ккоге я гьал муъминзаби гьеб бугьтан лъей нужее квешаб жо бугин абун. Гьеб нужее лъикІ буго.** Гьеб бугьтан лъеялдалъун гІемерал мунапикъзаби ва иман загІипал гІадамал загьирлъана. **Гьеб бугьтаналъул хабаралъулъ гІахьаллъаразе щивасе жиндир гІамалалда рекъараб жазаъ букІине буго. Ва Амма гьеб бугьтан лъеялъулъ бищунго кІудияб иш гьабурав** ГІабдуллагь ибну Убаю **цІакъ к1удияб гІазабалъулъ жужахІалда вукІизе вуго.**

Ас-сабунияс абуна: ТІадегІанав Аллагьас: «гьеб бугьтан лъей нужее лъикІ бугоян»-абураб рагІи буго Абубакар رَضِيَ اللهُ عَنْهُ асхІабасул агьлуялда бугеб хитІаб. Гьеб лъикІлъиги жинда Аллагь разилъаяй ГІаишат яцІцІадай йикІин бицун ТІадегІанв Аллагьас Къуръаналъул аятал рештІизари буго. Гьей ГІаишатил хІалбихьи гьабун, гьелда кІудияб бугьтан лъуна ва гьелъ сабру гьабуна. Гьеб сабаблъун гьелъие кІудияб ажро-кири буго, муъминзабазе вагІза-насихІатги буго. Жидеца бугьтан лъуразе гІазаб гьабун гьездаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рецІел босиги буго.

لَّوۡلَآ إِذۡ سَمِعۡتُمُوهُ ظَنَّ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ وَٱلۡمُؤۡمِنَٰتُ بِأَنفُسِهِمۡ خَيۡرٗا وَقَالُواْ هَٰذَآ إِفۡكٞ مُّبِينٞ ١٢

**12. Гьел муъминал бихьиназда ва руччабазда квешаб хабар рагІараб мехалъ, гьеб хабаралда божичІого: «Гьединаб жо** жинда Аллагь разилъаяй ГІаишатица **гьабуларо, гьеб цІакъ кІудияб гьереси ва бугьтан бугоян»-абун букІарабани, гьеб гьезда рекъараб бук1ана ва лъикІабги бук1ана.**

Муъминзабазул сипатаздаса буго жиндир диналъул вацасул хІакъалъулъ квешаб хабар бицулеб рагІараб мехалъ, гьеб хабар ритІухъ гьабичІого, гьединаб квешаб жо муъминчияс гьабуларо абун ракІ чІезаби, гьеб хабаралъул хІакъикъат тІубанго лъазегІан. Гьаб бугьтаналъул

къисаялда жаниб муъминзабазул хІалбихьи ва гьезул адаб гьабиги буго. Жидеда гьеб хабар рагІараб мехалъ, гьеб иш жидерго напсазда боцун, жидеца гьабизе букІанадай гьединаб жо абун, пикру гьабизе тІадаб букІана гьеб хабаралда гьоркьор лъугьарал муъминзабазда.

Жинда Аллагь разилъаяв абу-Аюб абулев асхІабасул чІужуялъ гьесда абуна: *«Дуда рагІаниц гІадамаз ГІаишатил хІакъалъулъ бицунеб хабар?»-абун. Абу Аюбица* ﷺ *абуна: «Дида гьеб рагІана ва гьеб гьересияб хабар буго. Дуца гьабизе букІаниц гьединаб жо?»-абун. Гьелъ абуна: «Валлагьи, гьабизе букІинчІо»-абун. Абу Аюбица* ﷺ *абуна: «Валлагьи, ГІаишат дудаса гІемерго лъикІай йиго»*-абун. гьаб хабар ибну Исх1акъица бицана.

**13. Гьеб хабар бицарал гІадамазда тІадаб букІана гьелъие нугІлъи гьабулев ункъго нугІги вачун рачІине. Гьедин жал рачІинчІеб мехалъ Аллагьасда** جل جلاله **аскІор гьел рукІуна жидеца гьереси бицунел ва бугьтан лъолел гІадамал.**

لَّوْلَا جَآءُو عَلَيْهِ بِأَرْبَعَةِ شُهَدَآءَ فَإِذْ لَمْ يَأْتُوا۟ بِٱلشُّهَدَآءِ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ عِندَ ٱللَّهِ هُمُ ٱلْكَـٰذِبُونَ ﴿١٣﴾

**14. ТІадегІанав Аллагьасул цІоб- рахІмат букІун гурони ва гьев нужеда гурхІунги вукІун гурони дунялалда ва ахираталда, я гьал муъминзаби, нужеда цІакъ квешаб гІазаб щвезе букІана гьеб хабар бицин сабаблъун.**

وَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْـَٔاخِرَةِ لَمَسَّكُمْ فِى مَآ أَفَضْتُمْ فِيهِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٤﴾

Гьеб гурхІелалдалъун нужее гІазаб гьабичІо ва нужер тавбо къабул гьабуна.

**15. Нужер мацІаз гьеб хабар цояс цоясдаса босулеб мехалъ ва гьеб бицулезда гІенеккун, нужеда хІакъикъат лъалареб жо, цогидаздаги бицулеб мехалъ,- нужеца гьеб бигьаяб иш бугин пикру гьабуна. Амма Аллагьасда** جل جلاله **аскІоб гьеб цІакъ кІудияб мунагь буго.**

إِذْ تَلَقَّوْنَهُۥ بِأَلْسِنَتِكُمْ وَتَقُولُونَ بِأَفْوَاهِكُم مَّا لَيْسَ لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ وَتَحْسَبُونَهُۥ هَيِّنًا وَهُوَ عِندَ ٱللَّهِ عَظِيمٌ ﴿١٥﴾

Гьеб буго инсанасул напс гІодогІан гьаби. Бусурбабазе хІарам гьабун буго жиндир диналъул вацасул напс гІодогІан гьаби, гьесие бокьулареб рагІи бици, гьесие рихулеб гІамал гьаби. Гьеб Аллагьас جل جلاله хІарам гьабураб жо хирияв аварагасул ﷺ хъизаналъе гьабураб мехалъ,- цІакъго кІудияб мунагь буго.

ТІадегІанав Аллагьас: «Нужер мацІаз гьеб хабар цояс цоясдаса

босулеб мехалъ»- абун ва «нужер кIалаз гьеб бицулеб мехалъ»-абун абиялъул хIикмат буго муъминзабаца гьеб хабар бицулеб букIаниги, гьезул ракIал гьелда божун рукIинчIеблъи. Гьеб хIикматалъе гIоло Аллагьас ﷻ хадубги абулеб буго: «Нужеца гьеб бигьаяб иш бугин пикру гьабуна»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса имам Муслимица ва Бухарияс бицараб хIадисалда буго: *«Цо чияс жиндаго лъачIого Аллагьасул ﷻ щцим бахъулеб рагIи бицула ва гьелъул пикруги гьабуларо. Гьеб рагIи сабаблъун жив жужахIалда жанив гIодовеги уна зоб ракьалда гьоркьоб бугебгIан манзилалъ»*-абун.

وَلَوْلَآ إِذْ سَمِعْتُمُوهُ قُلْتُم مَّا يَكُونُ لَنَآ أَن نَّتَكَلَّمَ بِهَٰذَا سُبْحَٰنَكَ هَٰذَا بُهْتَٰنٌ عَظِيمٌ ﴿١٦﴾

**16. Гьеб хабар рагIараб мехалъ нужеца абун букIарабани: «нижеда гьадинаб хабар бицизе рекъоларо, вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь! Гьаб хабар цIакъ кIудияб бугьтан бугоян»-абун, гьеб нужее цIакъ лъикI букIинаан,** гьеб хабар бицулезда гIенеккиялдаса ва цогидаздаги бициялдаса.

يَعِظُكُمُ ٱللَّهُ أَن تَعُودُوا۟ لِمِثْلِهِۦٓ أَبَدًا إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٧﴾

**17. Аллагьас ﷻ нужее вагIза-насихIат гьабулеб буго гьанжеялдаса хадуб, абадиялъго гьединаб жо нужеца гьабичIого букIине.**

**Нуж Аллагьасдаги ﷻ гьесул аварагасдаги ﷺ иман лъураллъун ратани нужеца гьаб вагIза босе ва гьелда гIамал гьабе!**

وَيُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْءَايَٰتِ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٨﴾

**18. ТIадегIанв Аллагьас нужее жиндир аятал ва хIикматал баян гьарула:** жиндир шаргIиял хIукмаби рицула, берцинал тIабигIатал лъазарула. **ХIакълъунго Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жоялъул хIакъикъат лъалев ва лагъзадерил тадбир гьабиялъулъ хIакимияв:** гьезие пайда бугеб жо гурони гьабуларев.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُحِبُّونَ أَن تَشِيعَ ٱلْفَٰحِشَةُ فِى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿١٩﴾

**19. Муъминзабазул хIакъалъулъ квешаб, къабихIаб хабар тIибитIизаби бокьарал гIадамазе гьаб дунялалдаги хадуб ахираталдаги цIакъ квешаб гIазаб букIизе буго.**

Гьаб рагIи буго мунапикъзабазе хIинкъи кьун абураб рагIи. Гьел рукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда ва гьесул агьлуялда гIунтIизабун гьереси бицин бокьарал гIадамал. Аварагасе ﷺ зарал

гьабизе бокьи капурлъи буго, гьеб жиндие бокьарав чиги Аллагьасул ﷻ нагIана бугев вуго. **ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго киналго умуразул загьирабги батIинабги хIукму ва хIакъикъат. Нужеда лъаларо нужее бихьулеб, рагIулеб жо гурони.** Гьеб нужеда лъалеб жоги кидаго хIакъикъаталда данде кколеб букIуларо.

Гьаб рагIиги жинца хIинкъи кьолеб буго муъминзабазда гьоркьоб къабихIаб хабар тIибитIизабурал мунафикъзабазе. КигIанго гьез жидер ният-къасд балъго гьабулеб бугониги гьеб Аллагьасда ﷻ лъалеб букIин ва гьелда данде гьезие гIазаб гьабизе букIин баян гьабун абураб рагIи буго гьаб.

**20. ТIадегIанав Аллагьасул гурхIел ва цIоб-рахIму букIинчIебани,** нужее цIакъ гучаб гIазаб ва гьалаг гьари гьабилаан. **ХIакълъунго Аллагь ﷻ вуго жив цIакъ гурхIулев, жиндир гурхIел кинабго гIаламалда гIамлъарав.**

وَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ وَأَنَّ ٱللَّهَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٠﴾

Аз-зугьрияс Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб халатаб хIадис буго, Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс жидер сахIихIал хIадисал рицарал тIахьазда жаниб бицун бугеб. Гьеб хIадис дагьабго къокъ гьабун гьелъул хIасил гьадин буго.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: «*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул гIадат букIана жив сапаралда унеб мехалъ руччабазда гьоркьоб можоро тIамун жиндие можоро бачIарай цадахъ ячунеб. Цо гъазаваталда ине къватIиве вахъулеб мехалъ аварагас ﷺ можоро тIамуна ва дир можоро бачIун дун гьевгун цадахъ сапаралда яхъана. Гьеб заман букIана хIижабалъул (пардав бай) аят рештIун хадуб. Дун дир гьегьалда жаний гIодой чIараб хIалалъ вараниялда тIад лъолаан ва гьединго вараниялдаса гIодойги лъолаан. Гьедин сапаралдаги рукIун, аварагас ﷺ гьабураб гъазават тIубараб мехалъ, ниж нахъ руссун рачIунаго Мадинаялда щвезе цо къол нух хутIараб бакIалда сордо базе чIун рукIана.*

*Гьеб бакIалдаса рахъун Мадинаялдехун ине мех щведалго дун дир хIажат тIубазе алахалдехун ана. ТIаде юсун ячIараб мехалъ дир каранда букIараб маххазул рахас бортун батана ва дун гьеб цIехезе ана. Гьеб дида батизегIан дун свердулей йикIана, ва аскар букIараб бакIалда щвараб мехалъ гьел гочун ун ратана. Доб заманаялъ руччаби цIакъ тIадагьал рукIана, гьез кваналеб жоги дагьаб букIана. Дунги гьитIинай ва тIадагьай гIадан йикIидал, дир гьегь вараниялда лъолел гIадамазда дун гьелда жаний гьечIеблъи лъан гьечIо ва гьез гьегьги тIаде лъун варани хадуб цIан буго.*

*Аскар чIун букIараб бакIалда щивго чиги ватичIого дун гIодой чIана дир гьегь лъун букIараб бакIалда. Дида ракIалда ккана нухда унаго гьезда дун варанияалда тIад гьечIеблъи лъалин ва гьел тIадруссун дида хадур рачIилин абун. Гьедин гIодой чIун йикIадго дун кьижун ккун йиго.*

*Нижер Аскар рештIараб бакIалда щвечIого хадув хутIун вукIарав Сафван ибну МугIатIал абулев асхIаб жиндир варанияалда рекIун вачIунаго, дида тIаде щун вуго ва дун кьижун йихьидалго гIажаиблъи гьабун «Инналиллагьи» абун буго. Гьеб рагIи абулеб рагIун дун макьдаса ёрчIана ва дица гьумер бахчана. Сафванида дун пардав базе цееккун йихьун йикIиналъ гьесда дун лъана ва варанияалдаса гIодове лъугьун, вараниги гIодоб чIезабун дун гьелда тIаде рекIинаюна. Цинги хадуб вараниги цIан живги нухда вилълъана. ЦохIо рагIиги гьес дида абичIо. Ниж аскаралда хадур гъана бакъ эхеде борхун багIарараб мехалъ.*

*Мадинаялда щвараб мехалъ дун унтана ва моцIгIадаб заманаялъ рукъоса къватIие яхъичIо. Дида щибго лъалеб жо букIинчIо гIадамазда гьоркьоб дир хIакъалъулъ гьересияб хабар бицулеб букIиналъул. Амма Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул дидехун хIеренлъи ва гурхIел дагьлъун бугилан кколеб букIана дида. Гьев дида аскIов вачIулаан ва: «Дур щиб хIал бугеб»-абун. Гьикъи гуреб цоги берцинаб хабар бицунароан.*

*Дун тIаде яхъине кIолеб хIалалъ лъугьидал дунги умму-МистIахIги сардилъ къватIире рахъун алахалдехун ана нижер хIажат тIубазе. Цересел гIарабиязул гIадат гьединаб букIана ва нижер минаялда аскIоб хIажатхана букIинчIо. Сардилъ руччаби унеб цо бакI букIунаан жидер хIажат тIубазе. Гьеб хIажат тIубан тIад руссун рачIун рукъоре лъугьулеб бакIалда Умму МистIахIил хIетIе хъуштIун гьей гIодой ккезе рекIана ва гьелъ абуна: «МистIахIил талихI къайги»-абун. Дица абуна: «Дуца гьеб рагIи кин абулеб Бадруялда рагъда вукIарв чиясда?»-абун. Гьелъ абуна: «Я дир яс! Дуда рагIичIищ гьес бицараб хабар?»-абун. Дица абуна: «Дида рагIичIо. Щиб жо гьес бицун бугеб?»-абун.*

*Цинги Умму МистIахIица бицана дир хIакъалъулъ гIадамазда гьоркьоб бицунеб бугеб гьересияб хабар. Дир унти жегиги тIаде цIикIана ва гьеб сордо рогьизегIан дун гIодана. Дида тIаде Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIун гьес: «дур щиб хIал бугеб?»-абун гьикъидалго, дица гьесда абуна дие изну кьейин дир эбел инсухъе ине абун. Аварагас* ﷺ *изнуги кьун дун эбел-инсул рокъой ана. Дица эбелалда абуна: «Я дир эбел, щиб жоялъе гIоло гIадамаз гьеб гьересияб хабар бицунеб бугеб?»-абун. Эбелалъ абуна: «Я дир яс! Дуца дурго напсалда гурхIел гьабе! Цониги чIужу йикIунаро жий росасе ёкьулей йигони, жиндир хвенчаз (жийгун цадахъ ругел гьесул руччаби) жинда нахъаса хабар*

*бицинчIей. Цинги дица абуна: «СубхIаналлагьи! унгого гIадамаз гьеб хабар бицун букIун бугоха!»-абун. Гьеб сордоги дица гIодилаго рогьана ва дир беразе макьуги щвечIо.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьеб моцIалъ вахIю рештIинчIо ва гьес къасд гьабуна ГIали رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асхIабасда ва Зайдил вас Усаматида رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ мушавара гьабизе жиндир хъизаналъул хIакъалъулъ. Усаматица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бицана жинда гьесул хъизан яцIадай йикIин лъалин ва гьелъие авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вокьиги лъалин: «Я расулаллагь صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Дур агьлуялъул хIакъалъулъ нижеда лъикIаб гурони лъаларо»-абуна Усаматица. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абуна: «Я расулаллагь صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Дуе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къварилъи гьабун гьечIо ва дуе цогиги руччаби руго гьей гурел. Дуца гьелъул гъарабашалда гьикъани гьелъ дуда битIараб бицине буго»-абун.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Барират абулей гъарабаш жиндихъе ахIана ва гьелда абуна: «Я Барират! Дуда щибниги жо бихьаниц ГIаишатида щаклъи ккезе бегьулеб?-абун. Бариратица абуна: «Мун авараглъун витIарав Аллагьасул цIаралдалъун гьедулей йиго дун, дида щибго жо бихьичIо гьей ГIаишатил жиндаса беркъазе кколеб ва жиб бахчизе кколеб. Дида лъалеб жо буго гьей гьитIинай яс йикIин, чед гьабизе гIатI буцулей йикIадго жий гьебги кIочон тун кьижун кколей; цинги бачIун гIанкIуялъ гьеб гIатIги кваналей»-абун.*

*Дун гьеб къоялъги гIодулей йикIана, дида аскIор чIун, дида ракI гурхIун, рекIел бакъваялъ дир тIул кьватIила абун хIинкъун, дир эбел-эменги рукIана. Нижеда тIаде цо Ансариязул чIужугIадан ячIана ва гьейги дида аскIой чIун дида ракI гурхIун гIодилей йикIана. Гьеб хIалалъ ниж рукIаго нижеда тIаде вачIине изнуги тIалаб гьабун Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жанив вачIана ва нижеда аскIов гIодов чIана. Гьев дида аскIов гIодов чIун вукIинчIо гьеб гьересияб хабар бицине бай бихьаралдаса, гьесда тIобараб моцIалъ вахIюги гьабун букIинчIо.*

*Аллагьасул расулас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ шагьадат битIана ва хадуб жинца абуна: «Я ГIаишат! Дур хIакъалъулъ гIадамаз хабар бицана ва гьеб дихъе щвана. Дуда гIайиб батичIони Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун яцIцIад гьайизе йиго. Дуда мунагь ккун батани дуца Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ тIаса лъугьин тIалаб гьабе ва тавбо гьабе. ТIадегIанав Аллагьас тавбо гьабурав чиясул тавбо къабул гьабула ва гьев лагъ жиндир гIайибалъе мукIурлъараб мехалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьесда тIасаги лъугьула»-абун. Расулуллагь صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ кIалъан вахъараб мехалъ дица инсуда абуна дуца жаваб кье расулаллагьасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абун. Имсуца абуна: «Валлагьи, дида лъаларо щиб жаваб кьелеб»-абун.*

*Цинги дица эбелалда абуна: «Я дир эбел! Дуца кье гьав расулуллагьасе жаваб»-абун. Эбелалъги абуна: «Дида лъаларо щиб жаваб дица гьесие кьелеб»-абун. Цинги дир бадиса магIоги бакъвана, гIодулейго йикIинчIей гIадин дунги лъугьана. Дун гьитIинай гIадан йикIун дида Къуръанги дагьаб гурони лъалеб букIинчIо, гIакълоги гьединго дагьаб букIана. Дица абуна: «Валлагьи, дида лъалеб буго нуж киназдаго гьеб хабар рагIун бакIин ва нужер ракIазда гьеб битIараб буго абун ккун букIинги. Дица нужеда абуни дида гIайиб гьечIо абун, нужеца дун ритIухъ гьайизе гьечIо. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго дида гIайиб гьечIеблъи. Дида гьечIеб г1айб тIаде босун, дун гIайибай йигин абуни, нужеца дун ритIухъ гьайизе йиго.*

*Гьанже дирги нужерги мисал буго ЯгIкъуб аварагасулги عَلَيْهِ السَّلَامُ гьесул васалазулги мисал ва дицаги абулеб буго гьев Юсупил инсуца абураб гIадин: «Дица берцинаб сабро гьабила. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца бицулеб хабар»-абун.* (Сурату Юсуф 18)

*Цинги дун гьездасан юссана ва дирго босада егана. Дида дун яцIцIадай йикIин лъалеб букIана, ТIадегIанав Аллагьас дун яц1цIад гьаюлейлъиги лъалеб букIана. Ва амма дида ракIалдего кколеб букIинчIо дир хIакъалъулъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Къуръан рештIинабилин абун ва гьеб дир бицун кIалъалеблъун хутIила абун (ай абадиялъго жиб цIалулеб Къуръаналда жаниб дир бецен хутIила абун). Дир напс Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дир хIакъалъулъ калам гьабиялдаса гIодогIанлъун бихьулеб букIана дида. Аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ макьилъ бихьун, яги цоги нухалда гьесда дун яц1цIадай йикIин бицилин ракIалда ккун букIана дида.*

*Валлагьи, гьев расулуллагьи صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гIодов чIаралъуса вахъун вукIинчIо, цогидал рукъор рукIаралги гьениса къватIир лъугьун рукIинчIо, хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вахIю рештIизе бай бихьараб мехалъ. Хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вахIю рештIунеб букIин нижеда лъалаан гьесул черхалда бачIулеб хIалалдалъун: цIорораб къо бугониги гьесул гьумер багIарлъун, гIетI бан, черхалда цIа бугеб гIадин лъугьулаан. Гьаб нухалъги гьединаб х1ал лъугьана. Цинги аварагасдаса صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьеб хIал тIаса ана ва гьев разилъун, хьимун кIалъана. Гьес абураб тIоццебесеб рагIиги букIана: «Дуе рохел буго ГIаишат: Валлагьи, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун яц1цIад гьаюна!»-абун. Дир эбелалъ абуна: «Яхъа ГIаишат расулуллагьасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рецц гьабизе»-абун. Дица абуна: «Валлагьи, дун гьесие рецц гьабизе яхъинаро ва цоги щивго чиясе дица рецц гьабиларо. Дица рецц гьабила дир БетIергьан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ. Гьес гьаюна дун гIайибалдаса яц1цIад»*-абун.

Гьеб мажлисалда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда анцIго

аят рештIинабуна (11-20). Аллагьасул расулас ﷺ гьел аятал гIадамазе цIалана ва гьеб гьересияб хабар бициялъулъ гIахьаллъарав кIиго чиясда ва цо чIужугIаданалда рогьоб баялъул хIадги кьабуна: ункъого тIил кьабуна щивасда.

ГIалимзабазул цояс абуна: Аллагьасул салам лъеяв Юсуп аварагасда гьес къабихIаб жо гьабизехъин букIанин абун бугьтан лъедалго, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда гIайиб гьечIеблъи чIезабизе киниялда жаниб бугеб лъимер кIалъазабуна. Жинда Аллагьасул салам лъеяй Марьямида бугьтан лъураб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьей яц1цIадай йикIин чIезабуна гьелъул вас ГIиса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кIалъазавун. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатида бугьтан лъураб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас гьей яц1цIад гьаюн жиндир хирияб Къуръаналъул аятал рештIинаруна. Гьей яц1цIадай йикIин бицун жив гурев чи кIалъаялда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъичIо-абун.

**21. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж щайтIаналъул нухазда хьвадуге** ва гьелъ берцин бихьизабураб жо гьабуге! **Х1акълъунго гьелда нахъвилълъарав чиясда гьелъ къабихIаб ва шаргIалда хIарамаб, Аллагьасеги** جَلَّ جَلَالُهُ **аварагасеги** ﷺ **рихараб жо гьабе абун амру гьабула.**

۞ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّبِعُواْ خُطُوَٰتِ ٱلشَّيۡطَٰنِۚ وَمَن يَتَّبِعۡ خُطُوَٰتِ ٱلشَّيۡطَٰنِ فَإِنَّهُۥ يَأۡمُرُ بِٱلۡفَحۡشَآءِ وَٱلۡمُنكَرِۚ وَلَوۡلَا فَضۡلُ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ وَرَحۡمَتُهُۥ مَا زَكَىٰ مِنكُم مِّنۡ أَحَدٍ أَبَدٗا وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يُزَكِّي مَن يَشَآءُۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٞ ٢١

**ТIадегIанав Аллагьасул гурхIел цIоб букIинчIебани нужер цониги чи гьеб щайтIаналъул макруялдаса ворчIизе вукIинчIо абадиялъ** ва гьев даимго мунагь гьабулевлъун хутIизе вукIана. **Кинниги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие бокьарав чи гьеб щайтIаналдаса цIунула** ва тавбо гьабизе тIамула, лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ кьун битIараб нухалда ккезавула.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIоб рахIматалдалъун гурони инсанасе тIовитIи гьечIо ва хвасарлъиги гьечIо. **ТIадегIанав Аллагь вуго жинда нужер кинабго хабар рагIулев ва нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев.**

**22. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие боцIимал кьурав, гIелму-динги кьурав, Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъиги кьурав чи гьедуге гIагарал гIадамазе, мискинал чагIазе, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе гIоло гьижра гьабурал муъминзабазеги лъикIлъи гьабиларин ва напакъаги**

وَلَا يَأۡتَلِ أُوْلُواْ ٱلۡفَضۡلِ مِنكُمۡ وَٱلسَّعَةِ أَن يُؤۡتُوٓاْ أُوْلِي ٱلۡقُرۡبَىٰ وَٱلۡمَسَٰكِينَ وَٱلۡمُهَٰجِرِينَ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِۖ وَلۡيَعۡفُواْ وَلۡيَصۡفَحُوٓاْۗ أَلَا تُحِبُّونَ أَن يَغۡفِرَ ٱللَّهُ لَكُمۡۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٌ ٢٢

**кьеларин абун.**

Гьез мунагь гьабунин абун нужеца гьел рикIкIад гьаруге ва гьезие гьабулеб букIараб лъикIлъи къотIизабуге. **Нуж гьездаса тIаса лъугьа ва гьезул мунагь-хатIа бахчун те. Нужее бокьун гьечIищ Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужер мунагьал рахчизе ва нужеда гьев гурхIизе?** Гьеб нужее бокьун батани нужецаги гIадамазде гурхIел гьабе ва гьездаса тIаса лъугьа! **ТIадегIанав Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев вуго.**

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: дир эмен Абубакар асхIабас Мист1ахI ибну Асасат رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ абулев асхIабасе напакъа кьолеб букIана гьев пакъирав чи вукIун ва гьесулгун гIагарлъи хурхараб букIун. Дида тIаса гьересияб хабар бицарал гIадамазда гьоркьов гьев МистIахIги вукIин лъараб мехалъ Абубакар رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ асхIабас абуна: «Валлагьи, дица гьесие щибго жо кьеларо гьес ГIаишатида нахъаса хабар бицин сабаблъун»-абун. ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIинабураб мехалъ, Абубакар асхIабас абуна: «Валлагьи, дие бокьун буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхIел ва мунагьал чури»-абун. Цинги гьес МистIахIие кьолеб букIараб напакъа кьуна, гьа гьедиялъул кафаратги бахъана ва жинца кидаго МистIахIие напакъа кьела, гьеб гьоркьоб къотIизабиларин абун къотIиги гьабуна.

Гьаб аяталда жаниб бицараб хIукмуялъ тIоритIел гьабулеб буго мискинав ва пакъирав чиясе напакъа ва садакъа кьезе ккеялда, гьез мунагь гьабулеб бугониги. Гьеб напакъаялдалъун ва садакъаялдалъун инсанасул пакъирлъи ва хIажат борхулеб бугелъул, гьесул квешаб гIамалалъе жазаъ гьабиги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ихтияралда бугелъул. Ва амма Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мутIигIав муъминав лагъги, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасияв лагъги кIиявго напакъаялда хIажатал ругони, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мутIигIав лагъасул хIажат цебеккун тIубазе рекъараб буго: инша Аллагьу, дов гIасияв лагъасги тавбо гьабизе бегьила, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиялъул лъикIаб хIасил бихьараб мехалъ ва гьесул къадро гьабулеблъиги лъараб мехалъ.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَرۡمُونَ ٱلۡمُحۡصَنَٰتِ ٱلۡغَٰفِلَٰتِ ٱلۡمُؤۡمِنَٰتِ لُعِنُواْ فِي ٱلدُّنۡيَا وَٱلۡأٓخِرَةِ وَلَهُمۡ عَذَابٌ عَظِيمٌ ٢٣

**23. Х1акълъунго жидерго черх цIунарал, Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иманги лъурал, чорокаб, къабихIаб жо жидер рекIелъги лъугьуларел,** гьеб гьабизе ракIалда щоларел **руччабазда гIунтIизабун жидеца гьереси бицарал ва гьез зина гьабунин абулел гIадамал, Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахIматалдаса рик1кIад гьарурал руго** (ай наг1ана щварал) **гьаб дунялалдаги, хадуб**

**ахираталдаги ва гьезие цIакъ кутакаб жужахIалъул гIазабги букIизе буго.**

ИбнугIаббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна: гьаб аят рештIинабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул руччабазда рогьоб барал гIадамазул хIакъалъулъ. Гьаб аяталда жаниб тавбоялъул хабар гьечIо ва гьаб аят рештIун хадубги гьел муъминзабазул улбузда нахъаса кIалъарал гIадамал капурлъула ва гьезие абадияб жужахIалъул гIазабги букIула-абун.

АбухIамзатица абуна: гьаб буго Маккаялъул мушриказул хIакъалъулъ рештIизабураб аят. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун Маккаялдаса Мадинаялда арал руччабазда гьез абулеб букIана зина гьабизе унел руччаби ругин-абун.

Гьаб аят киналго муъминнал руччабазул хIакъалъулъ бугин абулел гIалимзабаца далил бачана Абугьурайратидаса رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ бицараб хIадисалдалъун: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нуж рикIкIалъе жидеца кинабго лъикIаб гIамал хвезабулеб анкьго кIудияб мунагьалдасаян»-абун. Гьесда гьикъана: «Щал мунагьал гьел ругел я расулаллагьи صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ!»-абун. Аварагас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: «1. ТIадегIанав Аллагьасдехун ширк гьаби буго. 2. СихIру гьабиги буго. 3. ШаргIияб гIила букIун гурони Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIарам гьабураб напс чIвайги буго. 4. Риба кванайги буго. 5. Ятимзабазул боцIи кванайги буго. 6. Капурзабазулгун рагъ гьабулеб къоялъ гьеб рагъдаса лъутиги буго. 7. Жидеда мунагь гьечIел муъминал, гъапулал, мухIссинал руччабазда рогьоб байги буго»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

يَوْمَ تَشْهَدُ عَلَيْهِمْ أَلْسِنَتُهُمْ وَأَيْدِيهِمْ وَأَرْجُلُهُم بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٢٤﴾

**24. капурзабазе, мушриказе ва мунапикъзабазе жужахIалъул гIазаб гьабулеб къо** ТIадегIанав Аллагьас гьезул кIалазда мугьруги чIван, гьезул лугби кIалъазарулеб къо буго.

**Гьезул мацIазги, кверазги, хIатIазги Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **цебе нугIлъи гьабулеб жидеца гьабураб гIамалалдалъун,** ва Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялдалъунги.

Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: къиямасеб къоялъ мушриказда бихьидалго алжаналда жанир Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бац1цIад гьабурал муъминзаби гурони лъугьунеб гьечIеблъи, гьез цоцаздехун абула: нилъеца ширк гьабичIин инкар кквезе бугин абун. Цинги гьез инкар ккураб мехалъ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул кIалазда мугьруги чIван гьезул лугби кIалъазарула ва гьел лугбуца цониги жо балъго толароян-абун.

Анас ибну Маликидасан رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ бицараб хIадисалдаги буго: *«Цо къоялъ ниж жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIор рукIана ва гьев хьимун велъана, жиндир гIусал загьирлъулеб хIалалъ. Хадуб гьес абуна: «Нужеда лъалищ щиб жоялъ дун велъизавурав?»-абун. Нижеца абуна: «Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул расуласдаги صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъала гьеб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: дун велъулев вуго лагъас жиндир БетIергьанасде гьабулеб дагIба-къецалда. Гьев лагъас абулеб буго; я дир БетIергьан! Дуца дие къотIи гьабун буго гурищ дие зулму гьабиларин абун. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жаваб гьабулеб буго: «Буго гьединаб къотIи гьабун»-абун. Лагъас абулеб буго: «Гьедин бугелъул дие нугIлъи гьабизе дирго напс гурони цоги щибго жо дица къабул гьабизе гьечIо»-абун. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Жакъа дурго напс гIезе буго дуе нугIлъи гьабулеблъун ва дур гIамал хъварал хирияб малаикзабиги гIезе руго дуе нугIзаллъун»-абун. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесул кIалалда мугьру чIвала ва гьесул лугбузда абула; «нуж кIалъай»-абун. Гьел лугбуз жидеца гьабураб кинабго гIамал бициндал, гьесул кIалалдаса мугьру бахъун гьев кIалъазе виччала ва гьес абула: «Вай нужее квеш букIаял дир лугби! Нуж цIунизе бокьун гурищ дун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ дагIба гьабулев вукIарав!»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**25. Гьеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьас хIакъаб х1алалъ лагъзадерил хIисаб гьабизе буго ва гьезул гIамалазда рекъараб жазаъ гьабизеги буго.**

يَوْمَئِذٍ يُوَفِّيهِمُ ٱللَّهُ دِينَهُمُ ٱلْحَقَّ وَيَعْلَمُونَ أَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْحَقُّ ٱلْمُبِينُ ﴿٢٥﴾

**Гьеб къоялъ кинавго инсанасда лъазе буго х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIадлу бит1арав ва х1укму баянав хан вукIин.**

Жиндир шаригIатги, гьелда рекъон гьабулеб хIукмуги щибго жинда жаниб зулму ва хиянат гьечIеб букIин.

Гьал аятаздаса хадуб ТIадегIанав Аллагьас мухIканал далилал рицун ва инсан мукIур гьавулел гIакълиял хIужжабиги рачун, Аллагь разилъаяй ГIаишатги, гьелдаго релълъун цогидал аварагасул руччабиги, жидер иман камилал, жидеца черх цIунарал муъминал руччабиги, къабихIаб жо гьабулел рукIунареблъи бицунеб буго. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго щибаб жинс жинда рекъараб жинсалда гIагар гьабулеб ва данде гьабулеб. ТIолго гIаламалъулго сайидлъун вугев хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ГIаишат Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ данде гьайи буго бищунго кIудияб далил гьей яц1цIадай йикIиналда ва муъминзабазул эбеллъун йикIине мустахIикъай йикIиналдаги.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

ٱلۡخَبِيثَٰتُ لِلۡخَبِيثِينَ وَٱلۡخَبِيثُونَ لِلۡخَبِيثَٰتِۖ وَٱلطَّيِّبَٰتُ لِلطَّيِّبِينَ وَٱلطَّيِّبُونَ لِلطَّيِّبَٰتِۚ أُوْلَٰٓئِكَ مُبَرَّءُونَ مِمَّا يَقُولُونَۖ لَهُم مَّغۡفِرَةٞ وَرِزۡقٞ كَرِيمٞ ٢٦

**26. Жидер черх ва напсалъул къадро цIунуларел чорокал руччаби гьездаго релъарал чорокал бихьиназе руго. Гьединго жидер черх ва къадро цIунуларел чорокал бихьинал гьездаго релълъарал чорокал руччабазе руго. Жал рацIцIадал бихьинал жидедаго релълъарал рацIцIадал руччабазе руго. Жал рацIцIадал руччабиги жидедаго релълъарал рацIцIадал бихьиназе руго. Гьел рацIцIадал муъминзаби жидеда щибго гIайиб гьечIел руго ва гьезул хIакъалъулъ мунапикъзабаца бицунеб хабаралдаса рикIк1адалги руго. Гьел муъминзабазе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан мунагьал чури буго ва ахиралалда алжаналъул хирияб ва сахаватаб ризкъиги буго.**

Жидее мушриказ гьабураб рекIел бакъваялдалъун, муъминзабазул диналда гьез лъураб бугьтаналдалъун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул хатIаълъун, сагьвиллъун ккарал мунагьал чурула ва ахиралалде жал рацIц1адаллъун, жидее гIазаб гьабизе г1ила гьечIеллъун рукIуна.

Гьаб аяталъе цоги магIна гьабуна: чорокаб, гьересияб хабар гьеб хабаралда релъарал чорокал гIадамаз бицуна. БацIадаб, берцинаб калам жидер иман ва напс бац1цIадал лъикIал гIадамаз бицуна абун. Цогиги гьаб аяталдаса босулеб хIукму буго, муъминчияс жиндир черх ва напс чорок гьабулей гIадан ячизе бегьунгутIи ва муъминай чIужу гьединав чорокав, зина-хатIа гьабулев чиясе инзе бегьунгутIиги. Гьединаб ригьин гьабураб мехалъ муъминзабазул иман гьел чорокал гIадамазул къасаваталъ (рекIелъ букIунеб квешлъи) загIип гьабизе ва нахъе инзабизе бегьула.

Ва амма жиндир иман камилав чи вугони ва дол чорокал гIамалал гьарулел гIадамал гьеб ишалдаса рикIк1ад гьаризе ва гьел лъикIал чагIилъун гьаризе кIвела абун божи бугони, гьезие бегьула гьединаб ригьин гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьас муъминал руччабазда рогьоб баялдасан нахъчIвадал ва гьелда данде гучаб гIазаб букIунеблъиги бицидал, гьеб рогьоб бай ва цогидаб квешаб хабар тIад бачIинги бихьиналги руччабиги цадахъ рукIин сабаблъун бугелъул, гьел цоял цоязул рукъор лъугьинги бугелъул, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабада лъазарулел руго гьез цIунизе кколел адабал: рукъов лъугьинелде цебе изну тIалаб гьаби, жанив лъугьидал салам кьей ва цогидалги шаргIалда рекъарал адабал

ва тӀадал умурал:

**27. Я гьал иман лъурал гӀадамал! Нуж, нужер гуреб рукъор лъугьунге, гьеб рукъалъул агьлуялдаса изну тӀалаб гьабун хадур гурони. Гьез изну кьураб мехалъ гьезие саламги кьун лъугьа рукъор.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَدۡخُلُواْ بُيُوتًا غَيۡرَ بُيُوتِكُمۡ حَتَّىٰ تَسۡتَأۡنِسُواْ وَتُسَلِّمُواْ عَلَىٰٓ أَهۡلِهَاۚ ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ لَعَلَّكُمۡ تَذَكَّرُونَ ﴿٢٧﴾

Щибго изну гьаричӀого, тохлъукьего лъугьиналдаса, **гьедин лъикӀаб буго рукъор лъугьине. Нужеца гьаб адаб ц1уне ва Къуръаналъул вагӀзаги босе.**

ГӀарабиязул гӀадат букӀана изну тӀалаб гьабичӀого цоцазде тӀаде унеб ва къо лъикӀаб батаги, яги сордо лъикӀаб батаги абулеб. Гьеб гӀадат хвезабун изну тӀалаб гьаби тӀад гьабуна шаргӀалъ, гьединго нужеда Аллагьасул салам лъеги, нужее дидаса щибго хӀинкъи гьечӀо абураб магӀнаялда бугеб «Ассаламу гӀалайкум» абеянги лъазабуна.

Гьаб аят рештӀинабун хадуб цо гӀолохъанчияс Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана: *«Дир эбелалъе хъулухъ гьабулев цохӀо дун гурев чи гьечӀо. Дица тӀалаб гьабизе бугищ изну эбелалдаса дун гьелъул рукъов лъугьизе?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуцаги тӀалаб гьабе изну эбелалде тӀаде лъугьизе»-абун. Цинги дов гӀолохъанчияс абуна: «Дун гӀемер лъугьизе ккола гьелда тӀаде. Щибаб нухалъ изну тӀалаб гьабизейищха дица кколеб?»-абун. Хирияв аварагас* ﷺ *абуна: «Дуе бокьилищ дур эбел тӀаде ретӀел гьечӀого йихьизе?»-абун. ГӀолохъанчияс абуна: «Бокьиларо»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьеб дуе бокьулеб батичӀони дуца гьелда тӀаде лъугьине щибаб нухалъ изну тӀалаб гьабе»*-абун.

**28. Нужеда гьеб чияр рукъов щивго чи ватичӀони, нужее изну кьезегӀан гьенир жанир лъугьунге.** Гьеб рукъалъул хӀурмат ва хӀарамлъи цӀунизе тӀадаб буго. Изну гьечӀого чияр рукъов лъугьиги хӀарамаб буго.

فَإِن لَّمۡ تَجِدُواْ فِيهَآ أَحَدٗا فَلَا تَدۡخُلُوهَا حَتَّىٰ يُؤۡذَنَ لَكُمۡۖ وَإِن قِيلَ لَكُمُ ٱرۡجِعُواْ فَٱرۡجِعُواْۖ هُوَ أَزۡكَىٰ لَكُمۡۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ عَلِيمٞ ﴿٢٨﴾

**Нагагь нужее жанир лъугьизе изну кьечӀого, нуж нахъруса абуни, нуж нахърусса.** Ва гьарун, хӀелун гьеб рукъалъул агьлуялъе зарал гьабуге. **Гьедин нахърусин нужее лъикӀаб буго** гьенир эхетун чӀеялдаса ва гьезие къварилъи гьабун гьариялдаса. Чияр рагьалда эхетун чӀун, гьениб жаниб бугеб жо цӀехей, гьениб бицунеб жоялда балъго гӀенеккун ч1ей, шаргӀалъ хӀарам

гьабураб жо буго. Гьелда жасуслъи гьаби абула (шпионлъи). **Аллагь** ﷻ **жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб жо.**

**29. БетIергьанчи гьечIеб, киналго гIадамаазе гIаммаб бакIалда жанир лъугьанин абун нужее мунагь-х1акъ гьечIо.**

لَّيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن تَدْخُلُوا۟ بُيُوتًا غَيْرَ مَسْكُونَةٍ فِيهَا مَتَـٰعٌ لَّكُمْ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ﴿٢٩﴾

Гьеб буго сапарчагIазе нухда бараб питер (гостиница), гьединго гIадамал цIализе ва жанир чIезе рарал мадрасаби ва цогидалги гьезда релълъарал гIаммал бакIал. **Гьел руго нужее мунапагIаталъе рарал рукъзал.** Нуж сордо базе жанир чIезе, яги бакъул багIариялдаса рахчизе, яги нужер къайи-матахI жаниб лъезе гьабураб бакI. **ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца загьирго ва балъго гьабулеб жо.** Нужер гIамалазе Аллагьас ﷻ жазаъ гьабизе буго ва щибго жо гьесда балъго хутIизе гьечIо.

Аварагасул ﷺ суннаталда чияр рукъор лъугьиялъул адабал рицун руго. Гьел адабаздаса буго: жанив лъугьизе изну лъабго нухалъ тIалаб гьаби. Гьедин изну кьечIеб мехалъ нахъ вуссун ин. Изну тIалаб гьабулев чи рагьоялда данде витIун чIечIого рагьоялъул кваранаб яги квегIаб рахъалда чIей. Изну тIалаб гьабулев чияс: «Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи»-аби.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIана СагIдо ибну ГIубадатихъе ва гьесул рагьда чIун: «Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи»-абуна. Жинда Аллагь разилъаяв СагIдоца: «ВагIалайкумуссалам ва рахIматулагьи»-абуна, аварагасда* ﷺ *рагIулареб хIалалъ. Гьедин хирияв аварагас* ﷺ *лъабго нухалъ салам кьуна ва лъабго нухалъ СагIдоца салам буссизабуна гьессда рагIулареб хIалалъ.*

*Цинги авараг* ﷺ *нахъвуссун инзе рекIиндал, вортун вачIун СагIдоца* رضي الله عنه *гьесда абуна: «Дир эбел -эмен хунги мун хвасарлъаяв расулаллагьи* ﷺ*: дида лъабго нухалъ дур салам рагIана ва лъабабго нухалъ дица гьеб буссинабуна. Амма дица дуда рагIизабичIо, дур саламги, дур баракатги нижее гIемерлъизе бокьун»-абун.*

*Цинги СагIдоца* رضي الله عنه *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жиндир рукъов лъугьине гьавуна ва гьесда цебе бакъвараб цIибил (кишмиш) лъуна. Аварагас* ﷺ *гьеб цIибилалдаса кванана ва хадуб жинца дугIаги гьабуна: «Нужер тIагIам лъикIал муъминзабаца кванайги, нужее малаикзабаца лъикIаб дугIаги гьабеги, нужеда аскIоб кIал ккун рукIарал гIадамаз кIал биччан нужер тIагIамги кванайги»*-абун. Х1адис

имам Ах1мадица бицана.

Муслимица ва Бухарияс бицараб сахIихIаб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер рукъов изну гьечIого цо чи валагьани ва дуца речIараб гамачIалъ гьесул берги бахъани, дуе щибго мунагь букIине гьечIо»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудидаса бицараб хIадисалдаги буго: *«Нужеца изну тIалаб гьабе нужер эбелалда ва яццалда тIаде лъугьине»*-абун. Х1адис Ат1абарияс бицана.

ТIавус абулев гIалимас абуна: дие бихьизе рихараб, бокьулареб, гIаврат буго дирго гIагарал руччабазул гIаврат-абун. Гьелъул магIна буго: эбел, яц, яс йиго дие жиндир чер бихьизе бищунго бокьуларей абураб. Жиндирго чIужу йигеб рукъов лъугьунеб мехалъ изну тIалаб гьабизе суннатаб буго: гьелда тIад тохлъукьего лъугьун гьей хIинкъизайичIого ва гьелъие загьирлъизе бокьичIеб жо гьесие загьирлъичIого букIине.

Жиндирго агьлу-хъизаналда тIаде вачIунеб мехалъ, рагьда цеве щведалго ухIудун, хIетIе гIодоб кьабун ва цоги щиб бугониги гIаламат гьабун жив вачIунев вукIин лъазабизеги суннатаб буго. Сардилъ кватIараб мехалъ сапаралдаса вачIарав чи рогьинегIан хъизаналда тIаде инчIого вукIинги рекъараб буго: сардилъ нуцIа бухун гьел хIинкъизаричIого рукIизе.

قُل لِّلْمُؤْمِنِينَ يَغُضُّوا۟ مِنْ أَبْصَٰرِهِمْ وَيَحْفَظُوا۟ فُرُوجَهُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَزْكَىٰ لَهُمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرٌۢ بِمَا يَصْنَعُونَ ﴿٣٠﴾

**30. Дуца муъминзабазда абе МухIаммад ﷺ, хIарамаб бакIалда ралагьиялдаса берал цIуне абун, хIарамаб хIалалъ хIалтIизабиялдаса жидер алатги (гIавратги) цIуне абун.**

**Гьедин хьвади гьезие лъикIаб буго ва гьел къабихIаб, хIарамаб жоялдаса цIунулебги буго. ХIакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерица гьабулеб гIамал жинда лъалев вуго.**

Гьез балъго гьабулебги, загьирго гьабулебги жо щибго батIалъи гьечIого жинда лъалев вуго. Гьедин бугелъул нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа кинабго хIалалъулъ ва гьесдаса балъго хутIилин абун ракIалда ккун, шаргIалъул гIорхъаби хвезаруге.

Гьаб аяталда жаниб бер цIуни цебе рехсана гIаврат цIуниялдаса. Гьеб бер букIиналъе гIоло зинаялъул чапар ва къабихIаб иш жиндалъун бай бихьулеб бакI. Бер балагьиялдаса бай бихьула дуе хIарамай чIужуялъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьелъул черхалъул хал гьабизе ва гьеб бер нахъбусинабичIони ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда щун, гьесдаса хIинкъун хIарамаб жоялда валагьи течIони, гьелда тIаде цIакъ кIудиял балагьал рачIуна.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Цо бусурманав чияс чIужугIаданалъул берцинлъиялда бер балагьараб мехалъ, цинги гьеб бер нахъе босун жив гIодов вуссараб мехалъ, гьесие Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *гIибадат гьабизе квербакъи ва гьуинлъи кьола»*-абун.

وَقُل لِّلْمُؤْمِنَٰتِ يَغْضُضْنَ مِنْ
أَبْصَٰرِهِنَّ وَيَحْفَظْنَ فُرُوجَهُنَّ وَلَا
يُبْدِينَ زِينَتَهُنَّ إِلَّا مَا ظَهَرَ مِنْهَا ۖ وَلْيَضْرِبْنَ
بِخُمُرِهِنَّ عَلَىٰ جُيُوبِهِنَّ ۖ وَلَا يُبْدِينَ
زِينَتَهُنَّ إِلَّا لِبُعُولَتِهِنَّ أَوْ ءَابَآئِهِنَّ أَوْ ءَابَآءِ
بُعُولَتِهِنَّ أَوْ أَبْنَآئِهِنَّ أَوْ أَبْنَآءِ بُعُولَتِهِنَّ أَوْ
إِخْوَٰنِهِنَّ أَوْ بَنِىٓ إِخْوَٰنِهِنَّ أَوْ بَنِىٓ أَخَوَٰتِهِنَّ
أَوْ نِسَآئِهِنَّ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَٰنُهُنَّ
أَوِ ٱلتَّٰبِعِينَ غَيْرِ أُو۟لِى ٱلْإِرْبَةِ مِنَ ٱلرِّجَالِ
أَوِ ٱلطِّفْلِ ٱلَّذِينَ لَمْ يَظْهَرُوا۟ عَلَىٰ عَوْرَٰتِ
ٱلنِّسَآءِ ۖ وَلَا يَضْرِبْنَ بِأَرْجُلِهِنَّ لِيُعْلَمَ مَا
يُخْفِينَ مِن زِينَتِهِنَّ ۚ وَتُوبُوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ جَمِيعًا
أَيُّهَ ٱلْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ٣١

**31. Дуца муъминал руччабаздаги абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жидеца бер цIуне абун хIарамаб бакIалда балагьиялдаса ва жидер гIавратги (фарж, алат) цIуне абун.** ХIарамаб хIалалъ хIалтIизабиялдаса г1аврат ц1уне абун ва хIарамаб хIалалъ черх цебе лъун хьвадиялдасаги жал ц1унун рук1а абун. **Ва жидер берцинлъи загьир гьабугеянги абе гьел муъминал руччабазда, жиб загьирабго, бахчун букIунареб берцинлъи гурони.** Загьираб берцинлъи бугин абуна гIалимзабаца тIад ретIараб ретIел ва гьумерги, кIиябго кверги. Гьаб гьумерги кIиябго кверги как балеб мехалъ загьирлъизе бегьаниги, жий ячизе бегьулев чиясе бихьизабизе хIарамаб буго гIемерисел гIалимзабазул хIукмуялда рекъон. Жиндихъ бихьинчи валагьулев вукIин лъараб мехалъ гьей чIужугIаданалъ гьумер бахчизе ккола. Гьелда валагьизе бихьинчиясеги хIарамаб буго. **Гьел руччабаца жидерго кIазал тIаде раче абе жидер габуралда ва кереналда,** гьеб бахчун, щибго жо бихьулареб хIалалъ бетIералдаги черхалъул тIасияб рахъалдаги кIаз чIвай (бай).

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса хIадис бицана: *«Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *гурхIаги бищун цебе гьижра гьабун Мадинаялда рачIарал муъминал руччабазда. ТIадегIанав Аллагьас: «КIазал жидер габуралдаги карандаги тIаде раче»-абун аят рештIизабураб мехалъ, гьел руччабаца жидер халгIатал (плашал) риххана ва жидер габурги керенги бахчулел кIазал гьаруна»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

ТIафсиралъул гIалимзабаца абуна: исламалда цебесеб жагьилияб заманаялъ руччаби гьаб цIияб жагьилияб заманалъул руччабазда релълъун хьвадулел рукIана: бохдул-гъуждулги церелъун, бащадаб бетIерги бахчичIого, керен-габур бахчичIого. Бихьинал жидеда

ралагьизе гІоло хІатІазда, гъуждузда лъурал курхьиназул гьаракь бахъизабун, кІутІбузда, кІаркьеназда тІаде жо бахун, беразда сурма лъун. Цо-цояз жидер чорхол сурат загьирлъулеб ретІел ретІун, релълъен чалух гьабун, гІадамал питнаялда кколеб хьвади гьабулеб букІана. ТІадегІанав Аллагьас гьеб жагьилияб хьвадиги хвезабун исламияб хьвади гьабе абун рештІинаруна гьал аятал.

Гьеб исламияб ретІелги, исламияб хьвадиги цІакъ берцинаб, дунялалдаги ахираталдаги жидее хайир бугеб, жидер черхги, напсги, къадроги цІунулеб буго.

**Жидеца черхалъул берцинлъи ва курхьин кІиликІ лъолел бакІал рихьизаруге абе жидерго росабазе гурони. Жидерго инсуе яги росабазул инсуе гурони. Жидерго васазе яги росабазул васазе гурони. Жидерго вацазе яги вацазул, яцазул васазеги гурони. Муъминал руччабазе, яги жидер лагъзадерие гурони. Руччабазда хьул лъоларел херал, гІузруял гІадамазе яги гІисинал лъималазе гурони. Жидеца хІатІалги гІодор кьабуге абе гьел хІатІазда ругел курхьабазул гьаракь рагІизабизе. Нуж киназго тавбо гьабун нуж Аллагьасда جَلَّاللهُ русса, я гьал муъминзаби. ТІадегІанав Аллагьас нужер тавбо къабул гьабила ва нужер дунялалъулги ахираталъулги лъикІлъиялда каерщел батила.**

Гьаб заман цІакъго пасалъи цІик1кІараб, ручаби тІаса ретІел бахъун хьвадулеб, гьел сапаразда цадахъ махІрамияв гьечІого хьвадулеб заман бугелъул, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ва хирияв асхІабзабазул хІадисал ва малъиял хъвала, иншааллагьу цониги бусурманчиясе жив кантІиялъе сабаблъун ккезе бегьула.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІали асхІабас абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дида абуна: «Я Г1али! Дуца цо нухалъ бер щвараб хІарамаб бакІалда кІиабизе бер балагьуге! Дуе изну буго авалаб бер балагьиялъулъ, амма кІиабизе валагьизе изну гьечІо»»*-абун. Х1адис имам абу Давудица ва Тирмизияс бицана.

Гьаб хІадисалъул магІна буго: Аллагьас جَلَّاللهُ инсанасе бер жиндалъун валагьизе бижун бугелъул, гьеб бер балагьун букІуна ва гьеб хІарамаб жоялда тІад ккезеги бегьула. Гьедин хІарамаб бакІалда бер щвараб мехалъ гьеб нахъе босизе ккола ва гІодоб буссизабизе ккола. Гьедин гьабичІого валагьун чІани, яги тІад вуссун валагьани, гьелъул мунагь ва хІарамлъи букІула.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагІидица бицараб хІадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нуж нухахъ гІодорчІун рукІунге! Нагагь нухда чІун рукІине ккани нужеца гьеб*

*нухалъул хІакъ тІубай!»-абун. Нижеца абуна: «Я расулуллагь ﷺ! Щиб бугеб гьеб нухалъул хІакъ?»-абун. Жинда свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьеб буго хІарамаб бакІалда балагьиялдаса бер цІуни, гІадамазе зарал гьабунгутІи (гъибат-бугьтан гьабун гІадамазда нахъаса кІалъангутІи). Салам кьурав чиясул салам бусинаби. ЛъикІаб жоялдалъун амру гьаби, квешаб жоялдаса нагью гьаби»*-абун. ХІадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьаб хІадис буго бихьинал нухахъ чІогеян бугеб. Гьаб заманаялъ ручабаца нухал ккун руго ва годекІабиги рагьун руго. Гьеб иш хІарамаб бугин абун бицаниги гьезда яхІ-намусги кколеб гьечІо. Гьезул бераздаса ва кІалаздаса хІинкъун хьвадизе кколел руго Аллагьасдаса ﷻ хІинкъарал муъминзаби. Аллагьасдаги ﷻ, аварагасдаги ﷺ божулей чІужугІаданалъе хІарамаб буго гІадамал хьвадулеб нухда эхетун чІезе, яги гьеб нухлул рагІалда гІодой чІун годекІан гьабун цогидал руччабигун харбида йикІине. Гьеб нухлул рагІал жиндирго рукъалъул кІалтІу бугониги, цогидазул рагьо бугониги гьаб хІарамлъи тІаса унаро.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Адамил лъималазда Аллагьас ﷻ тІад гьабун буго зина гьабиялдаса цІуни. Бералъул зина буго хІарамаб бакІалда балагьи, мацІалъул зина буго жинда кІалъазе хІарамай чІужуялда, яги чиясда кІалъай. ГІундузул зина буго Аллагьас ﷻ гьукъараб жоялда гІенекки. Кверазул зина буго гьел хІарамаб жоялда квали, хІатІазул зина буго хІарамаб жо гьабизе хьвади»*-бун. ХІадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьаб хІадис бихьиназеги, ручабазеги гІаммаб буго. Бихьиназе ручабазда балагьи хІарамаб бугеб гІадинго, ручабазе бихьиназда балагьиги хІарамаб буго. Гьелъие далил буго жинда Аллагь разилъаяй Уммусаламатица бицараб хІадис: *«Дунги Маймунатги рукІана жинда свалат салам лъеяв аварагасда аскІор. Гьеб заман букІана гьумер бахче абун (пардав бай абун) аят рештІинабун хадуб. Нижеда тІаде Уммумактум* رضي الله عنه *абурав беццав, херав асхІаб вачІана. Аварагас* ﷺ *нижеда абуна: «Гьесдасан нужеца гьумер бахче»-абун. Нижеца абуна: «Я расулуллагьи ﷺ! Гьев беццав чи вуго гурищ, ниж рихьуларев ва ниж лъаларев»-абун. Аварагас ﷺ абуна: «Нуж кІияйго беццай гьечІо гурищ»*-абун. ХІадис имам абу Давудица ва Тирмизияс бицана.

ГІемерисел гІалимзабаца хІарам гьабун буго жиндир гьурмада рас бижичІев берцинав гІолохъанчиясда бихьинчи валагьи. Гьеб буго

жидер иман загIипал, щайтIанги гьаваги жидеда тIад бергьарал гIадамал къабихIаб ишалда ахIулеб бакI. Жиндир гьурмада рас бижичIесда релълъун вукIула жинца рас кIкIван гьумер цIвакизабун, чIужагIаданалда релълъинлъи гьабулев бихьинчиги. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нагIана кьун буго жидеца руччабазда релълъинлъи гьабулел бихьиназе ва жидеца бихьиназда релълъинлъи гьабулел руччабазеги. Гьеб релълъинлъи гьаби букIула тIад ретIараб ретIелалдалъунги, гьумералдалъунги, гьаракьалдалъунги ва цогидал пишабаздалъунги.

Гьединго шаргIалда хIарамаб буго муъминай чIужуялъ жиндир черх капурай чIужугIаданалда бихьизабиги. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас АбугIубадат رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абулев асхIабасухъе кагъат битIана: «Дихъе хабар щвана мун амирлъун вугеб бакIалда муъминал руччаби капурал руччабигун цадахъ хIамамалда унел ругин абун. Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ аварагасдаги صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъурай чIужугIаданалъул гIавраталда капурай гIадан балагьизе бегьуларо!»-абун.

ГIемерал асхIабзабаца хIарамаблъун гьабуна бусурманай гIаданалъ капурай чIужугIаданалъул квер боси ва гьелда убач гьаби. Ва амма гьаб заманаялъул бусурбабазул руччабазе ва ясалазе жидедаса мисал босулеллъун, жидеда нахърилъи ч1ух1и-рецц бугеллъун руго капурзабазул руччаби ва ясал:

Гьез гьабулеб кинабго къабих1аб хьвади жидеца босулеб буго, жидер рет1ел-т1ех, куц-бер, хьвада-ч1вади капурзабазулалда релълъизабулеб буго. Жегиги чанги бусурбабазул ясал руго дол капурзабаца ц1унулеб къадарцин нич-намус жидеца ц1унуларел, гьезулалдаса жидер хьвади сурарал ва къабих1ал. Гьаб буго исламияб диналде данде купру-ширкалъ гьабураб загьирабги, балъгоябги рагъалъул х1асил. Гьаб буго щайт1аналъ гьел руччаби т1убанго жиндие лагълъи гьабизе квегъун рук1иналъе г1аламат.

Капурай гIадан жиндир гъарабашлъун йигони гьелда бихьизе бегьула бусурманай чIужуялъул черхалъул цIиноялда тIадехун ва накоялда гъоркьехун бугеб бакI. Муъминай ч1ужуялъул руччабазда хьул лъоларев херав яги гьитIинав гъарабаш вугони, гьезда бихьизе бегьула гьелъул хIетIе-квер габур-бетIер гIадаб жий жиндирго рукъой йигеб мехалъ бахчун букIунареб бакI.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIана жиндир яс ПатIиматихъе гьелъие цо гъарабашги вачун. Гьев чи вихьараб мехалъ жинда Аллагь разилъаяй ПатIимат жинда тIад ретIун бугеб гордеялдалъун жийго яхчизе лъугьана. Амма гьеб горде букIана*

*бетIералда хун бачани бохдул цере лъолеб, бохдуздехун бачани бетIер цебе лъолеб. Гьей ПатIиматида бачIараб къварилъи бихьираб мехалъ аварагас* ﷺ *абуна: «Дуе мунагь гьечIо гьев чиясда дур хIатIал яги бетIер бихьана абун. Гьев дур гъарабаш вуго ва дун дур эмен вуго»*-абун. ХIадис имам абу Давудица бицана.

Амма гьаб заманаялъ гьел гъарабашал гьечIо ва цо-цо бечедал гIадамаца рукъор хIалтIизарулел бихьинал, яги руччаби: жидеда балагьизе ва жалгун цадахъ халват гьабизе (цоги лъабабилев чи гьечIого хутIизе) хIарамал руго ва гьаб цIакъ къабихIаб жо ккеялда хIинкъараб бакIги буго. Гьединго руго росасе жиндир чIужуялъул яц, яцгIал гIадай гIадан: гьезулгун халват гьабизе хIарамаб буго. ЧIужугIаданалъе росасул вацгун, вацгIалгун халват гьабизеги хIарамаб буго. Гьаб масъалаги гIадамаз цIакъ кIвар гьабичIого тараб буго ва жиб сабаблъун питна кколеб бакIги буго.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Нуж гIагарав чиясдаса цIуне! Гьев гIагарав чи хвел буго»*-абун. ХIадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьелъул магIна буго магьариги лъун жиндие ячине бегьулей гIаданалдаса ва жий росасе ине бегьулев гIагарав чиясдаса нуж цIуне абураб. Гьездаса цIунияллдалъун мурад буго гьезулгун халват гьабуге абураб.

Гьаб дагьабго насихIат буго жидер иман загIипал, шаргIияб гIелму лъаларел муъминзаби кантIизе бокьун гьабураб. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги жив разилъи тIалаб гьабун хьвадизе.

Инсан зина-хатIаялдаса цIунулеб, гьесул гьава-напс гIодобе бусинабулеб, гьесдаса щайтIан рикIкIад гьабулеб жо буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда нахърилълъун, хирияв расуласул ﷺ нухги ккун хIалалаб ригьин гьаби. Гьеб амру баян гьабун ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб буго:

**32. Нужеца ригьин гьабе, я гьал муъминзаби, ва рослъадилъун гьечIел гIадамал цоцазде данде гьаре. Гьединго нужеца ригьин гьабун данде гьаре нужер иман-дин бугел лъикIал гъарабашалги.**

وَأَنكِحُواْ ٱلۡأَيَٰمَىٰ مِنكُمۡ وَٱلصَّٰلِحِينَ مِنۡ عِبَادِكُمۡ وَإِمَآئِكُمۡۚ إِن يَكُونُواْ فُقَرَآءَ يُغۡنِهِمُ ٱللَّهُ مِن فَضۡلِهِۦۗ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٞ ﴿٣٢﴾

**Гьел ригьин гьабун данделъулел гIадамал жидер боцIи-мал гьечIел пакъирал гIадамал ругони, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьезие магIишат кьезе буго.**

ТIадегIанав Аллагьас щибаб рухIчIаголъи жиндие ризкъигун цадахъ

бижун буго. Ригьин гьабунин абун нуж ризкъи гьечIого хутIизе гьечIо. **ХIакълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир сахавалъи бергьарав вуго, жинца ризкъи кьолев ва жинда лагъзадерил маслахIат лъалев вуго.**

Гьаб аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас жиндир амруялда мутIигIлъун, жинда гIасилъи ккеялдаса хIинкъун ригьин гьабурал муъминзабазе ризкъи кьезе ва гьезие бечелъи кьезе къотIи гьабулеб буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Лъабго чи вуго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее квербакъи гьабизе бугев: Жиндир напс хIарамаб жоялдаса цIунизе гIоло ригьин гьабурав чи. Жив тархъун узденавлъун лъугьизе бокьун хIалтIи гьабизе тIаде босарав лагъги. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин тIадегIан гьабизе гIоло жигьад гьабулев чиги»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**33. Ригьин гьабизе рес рекъечIел гIадамаз Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъун жидер черх цIуне ва хIарамаб жо гьабуге, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIобалдалъун жидее гьеб ригьин гьабизе рес рекъезегIан.** Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъун хIарамаб жо тарав чиясе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ квербакъи гьабула ва гьасдаса ургъел-къварилъи тIаса босула.

وَلۡيَسۡتَعۡفِفِ ٱلَّذِينَ لَا يَجِدُونَ نِكَاحًا حَتَّىٰ يُغۡنِيَهُمُ ٱللَّهُ مِن فَضۡلِهِۦۗ وَٱلَّذِينَ يَبۡتَغُونَ ٱلۡكِتَٰبَ مِمَّا مَلَكَتۡ أَيۡمَٰنُكُمۡ فَكَاتِبُوهُمۡ إِنۡ عَلِمۡتُمۡ فِيهِمۡ خَيۡرٗاۖ وَءَاتُوهُم مِّن مَّالِ ٱللَّهِ ٱلَّذِيٓ ءَاتَىٰكُمۡۚ وَلَا تُكۡرِهُواْ فَتَيَٰتِكُمۡ عَلَى ٱلۡبِغَآءِ إِنۡ أَرَدۡنَ تَحَصُّنٗا لِّتَبۡتَغُواْ عَرَضَ ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۚ وَمَن يُكۡرِههُّنَّ فَإِنَّ ٱللَّهَ مِنۢ بَعۡدِ إِكۡرَٰهِهِنَّ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٣٣

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Я гьал гIолохъаби! Нужер рес рекъарав чияс чIужу яче! Гьеб нужер берги гIавратги цIунулеб жо буго. Рес рекъечIев чияс кIал ккваялда тIад чIей гьабе. Гьеб кIал ккавей гьесул шагьват дагь гьабулеб жо буго»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Гьаб хIадисалдаса далил босун гIемерисел гIалимзабаца жиндир рес рекъарав чияс чIужу ячизе тIадаб бугин абуна: жиндирго напс цIунун, жинца ячаралъулги напс цIунун ва исламияб умматалъул къадро-къимат цIунун, гьеб къабихIал пишабаздаса бацIад гьабун. Гьединго ригьин гьабиялдаса мурад буго исламияб уммат гIемерлъи.

Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Нужеца лъимал гIемер гьарулел руччаби раче! Къиямасеб къоялъ дун чIухIаравлъун вукIине вуго дида нахърилълъарал муъминзаби гIемерал рукIиналдалъун»*-абун. Х1адис имам абу Давудица ва Аннасаияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабасги абуна: «Нуж Аллагьасе

ﷻ мутIигIлъе гьес нужеда ригьин гьабеян гьабураб амруялъулъ. Аллагьас ﷻ нужееги тIубазабизе буго жинца нужее боцIи-мал кьун гIейи гьабила абураб къотIи»-абун.

Хирияб Къуръаналдаги, аварагасул ﷺ хIадисалдаги данде кколареб жо буго лъимер гьабунгутIи, гьеб лъимер лъугьунареб сабаб гьаби ва цо-кIиго лъимер гурони гьабичIого чIей. Гьаб буго Аллагьасул ﷻ тушбабаз ургъараб, Аллагьасда ﷻ иман лъечIеб, гьесул ризкъи тIагIилин абун хIинкъарал гIадамаз гьабулеб гIамал. Аллагьги ﷻ авараги разилъи жинца тIалаб гьабулев чиясул хьул лъезе ккола Аллагьас ﷻ жиндие иман бугеб, бахьи бугеб насло кьеялда ва гьел лъимал хьихьизе кIоларо абун хIинкъизе бегьуларо.

ГIакъилал гIадамазул аби буго: «Гьел лъималазе ризкъи кьей Аллагьасда ﷻ тIад буго, гьел лъимал раччиги ракьалда тIад буго»-абун.

**Нужер гъарабашаллъун ругел гIадамазе бокьани гьезда тIаде къотIараб боцIиги нужее кьун, жал тархъун хIурияллъун рукIине, нужеца гьел тIад боцIи къотIун хIалтIизе риччай, гьез хIалтIи гьабулеблъи ва гьел аманат бугел рукIин нужеда лъалеб бугони. Нужеца гьел тархъун инзе, цинги гьезие квербакъиялъе букIизе, Аллагьас ﷻ кьураб боцIиялдаса садакъаги кье.**

Исламалда жаниб лагъзал рукIин бегьизабун бугониги, гьел лагъзал тархъи ва гьезие лъикIлъи гьаби гIемер бицун буго. Жидер мунагь ккун гIакIа тIаде ккарал гIадамазе лагъ тархъи тIад гьабурал хIукмабиги руго. Гьел лагъзал тархъиялъул хиралъи бицун гIемерал хIадисалги руго. Гьаб кинабго жоялъул хIасил гьабураб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас бусурбабазе лагъзал кквезе бегьизабиялда жаниб кIудияб хIикмат буго: гьел лагъзал тархъун жидее ахираталда алжан щвей. Гьебго хIикмат буго бусарбабазе хIалалаб магIишат кигIан гIемер бугониги бегьулеб букIиналъульги: гьеб хIалалаб магIишат Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун харж гьабизе ва гьелдалъун жиндие ахираталда алжан босизе.

**Жидее къабихIаб жо гьабизе бокьуларел, жидер напс цIунарал гъарабашал нужеца хIалги гьабун зина гьабизе тIамуге!** Гьелдалъун нужее боцIи тIалаб гьабун ва нужер гьудулзаби-гьалмагъзаби гьезда аскIор регизе ритIун. **Гьедин зина гьабизе гъарабашал тIамураб мехалъ ва гьел жидер напс цIунизе кIоларелги ругеб мехалъ, гьездаса Аллагь ﷻ тIаса лъугьула ва гьезда Аллагь ﷻ гурхIула.** Ва амма гьел зина гьабизе тIамурал гIадамаздаса Аллагьас ﷻ цIакъ рецIел босизе буго ва гьезие гучаб гIазабги гьабизе буго.

ШаргIалда рекъон гъарабаш магьариги лъун росасе кьезе ккола, яги гьелъул сайидас жиндиего босаде кквезе ккола. Цоги батIияб хIалалъ

гьездаса мунпагIат босизе хIарамаб буго.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: мунапикъзабазул цевехъан ГIабдуллагь ибну Убай абулев чиясул кIиго гъарабаш йикIана, жинца гьел зина гьабизе тIамулел ва гьелъухъ мухьги босулел. Гьезул цояй (МугIазат) жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабасухъе ячIун, гьесда бицана жиндие гьабулеб бугеб зулму. Абубакар асхIабас Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бицана ва аварагас ﷺ амру гьабуна гьей гъарабаш дов мунапикъасухъан нахъе яче абун. Цинги гьев мунапикъ къватIивги вахъун ахIдана: «Гьанже гьев МухIаммадица нижер гъарабашалги нахъе рахъулел руго, ниж гьасул зулмуялдаса цIунулев чиго гьечIищ?»-абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIизабуна (33 аят).

Гьаб ригьин гьабиялъул ва зинаялдаса рикIкIалъиялъул бицараб бакIалда нахъ регIизабизе ккараб масъала бугин абуна ИбнухатIибица цо-цо бусурбабаца жидерго ясал ригьин гьабизе мех щвараб мехалъ ригьин гьабичIого чIезари, бечедав дурц цIехолел рукIун. Гьеб буго шаргIалда дандего кколареб хIукму.

Бусурманал гIадамаз жидер ясл кьезе муъминчи тIалаб гьавизе ккола ва гьев муъминчи яс гьарун вачIараб мехалъ нахъе чIвазеги бегьуларо. ГIемераб магьари тIалаб гьабун мискинчи нахъчIвайги шаргIалда бегьулеб жо гьечIо. Гьедин мех щвараб мехалъ яс россасе кьечIого тейги, васасе чIужу ячичIого тейги буго гьел хIарамаб жоялда ккеялъе сабаб.

Гьединго гьаб бакIалда бицизе кколеб масъала буго бусурбабазул ясал ва руччаби зина гьабулел рукъзалги рагьун гьенир жанир хьвадулел рукIин. ТIадегIанав Аллагьас амру гьабун буго гъарабашалцин зина гьабизе тIамуге абун, гьел зина гьабизе тIамулезе кIудияб гIазабги бицун буго. Жидеего бокьун узденал ясал ва руччаби зина гьабизе ин ва гьез гIарцохъ жидер черх бичи цIакъго гIодобегIанаб, инжитаб пиша буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго ахир заманалъул ва къиямасеб къо гIагарлъун букIиналъул гIаламат бугин бихьиналги руччабиги хIайваналгIадин нухлул хьибилалда лъугьун жимагI гьабулел рукIинин-абун. Гьеб гIаламат загьирлъун буго бусурбабазул ракьалда тIад, бусурманал гIадамазда гьоркьоб.

Жив бусурманчи вугин абулев, жинца как балин, кIал кколин абулев чи шагьра нухазул хьибилалда, рохьил рагIалазда квана-гьекьолел бакIалги ран, кIиго чи жанив унел гIисинал рукъзалги гьарун гIолохъаби зина гьабизе тIамулев вихьараб мехалъ, гьесда щиб цIар

лъолеб? Жив бусурбабазул цевехъан вуго абун кIалъалев чияс гIаракъи пиво гьабулел заводалги росун гьел хIалтIизаризе лъимал тIамураб мехалъ, гьесда щиб цIар лъолеб?

КIудиял гIалимзаби, имамзаби, щайихзаби руго абулел цIаларал гIадамал хIакимзабазул амру тIубазе, гьезул рагьтIателал гIадин мукIурлъараб мехалъ, гьездаги щиб цIар лъелеб? Гьалдасанги кIудияб ахир заман щиб букIинеб? гьаб пасалъи гIасилъи хIехьон нилъ гьалаг гьаричIого тарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ сабро бергьарав, гурхIел цIикIкIарав вуго!

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзаби цIунаги гьеб къосараб къавмгун цадахъ гьалаг гьариялдаса. Амин, Амин, Амин, Я Аллагь.

**34. Х1акълъунго Дица нужеда жал баянал ва жидеца хIакъаб жо бицунел Къуръаналъул аятал рештIизаруна, я гьал муъминзаби!**

وَلَقَدْ أَنزَلْنَآ إِلَيْكُمْ ءَايَٰتٍ مُّبَيِّنَٰتٍ وَمَثَلًا
مِّنَ ٱلَّذِينَ خَلَوْا۟ مِن قَبْلِكُمْ وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِينَ ٣٤

**Нужеда цере рукIарал умматазул мисалалги рачана, гьезул къисабиги рицана нужеца пикру гьабизе ва вагIза босизе. Гьаб Къуръанги, гьалда жанир ругел ахIкамалги Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъарал муъминзабазе мунпагIат босизе, гьел хIакъаб нухалда тIоритIизе бугеб вагIза-насихIатал руго.**

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул Къуръаналда инкар ккурал гIадамазе гьелъ дунялалда щибго мунпагIат гьабуларо, ахираталдаги Къуръаналда инкар кквей сабаблъун гьел жужахIалъул абадияб гIазабалъулъ рукIуна.

**35. ТIадегIанав Аллагь вуго зобал ракьал жинца гвангъизарурав Нур.** Зобал гвангъизаруна гьенир бакъ, моцI цIваби гьариялдалъун. Ракьал гвангъизаруна жиндир исламияб диналъул шаргIиял хIукмабаздалъун ва гьеб дин босун ритIарал аварагзабаздалъун عَلَيْهِمُ السَّلَامُ. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ зобал-ракьазул агьлу жинца хIакъаб нухалда тIобитIулев вуго. ХIакъаб нухалда тIобитIулеб жо нур ва канлъи букIуна, гьедин бугелъул гьев Аллагьа جَلَّ جَلَالُهُ нур вуго.

۞ ٱللَّهُ نُورُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ مَثَلُ نُورِهِۦ
كَمِشْكَوٰةٍ فِيهَا مِصْبَاحٌ ۖ ٱلْمِصْبَاحُ فِى
زُجَاجَةٍ ۖ ٱلزُّجَاجَةُ كَأَنَّهَا كَوْكَبٌ دُرِّىٌّ يُوقَدُ مِن
شَجَرَةٍ مُّبَٰرَكَةٍ زَيْتُونَةٍ لَّا شَرْقِيَّةٍ وَلَا غَرْبِيَّةٍ
يَكَادُ زَيْتُهَا يُضِىٓءُ وَلَوْ لَمْ تَمْسَسْهُ نَارٌ ۚ نُّورٌ
عَلَىٰ نُورٍ ۗ يَهْدِى ٱللَّهُ لِنُورِهِۦ مَن يَشَآءُ ۚ وَيَضْرِبُ
ٱللَّهُ ٱلْأَمْثَٰلَ لِلنَّاسِ ۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ٣٥

ИбнугIатIауллагьица абуна: «Гьаб кинабго гIалам бецIлъи буго. Гьеб загьир гьабурав чиги ТIадегIанв Аллагь вуго. ТIадегIанав Аллагь вукIинчIебани щибго жо букIине букIинчIо»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасги абуна: *«Я дир Аллагь ﷻ! Кинабго рецц дуе буго. Мун вуго зобал ракьазул Нур ва гьел кIияздаго жаниб бугеб жоялъулги Нур»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Ибнукъайимица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас жиндир напсалда цIар тана Нур абун, жиндир Къуръанги нурлъун гьабуна, жиндир аварагги ﷺ нурлъун гьавуна, халкъалдаса Живги нуралдалъун вахчана»-абун.

ИбнухатIибица абуна: «Нур буго инсан зарал бугеб, квешаб бакIалдаса цIунулеб, гьев хIакъаб, битIараб нухдаги тIовитIулеб жо. Гьеб нур букIинчIебани инсан хIайранлъун, щибго жо гьабизе лъаларевлъун хутIилаан. ТIадегIанав Аллагь вугелъул жинца хIакъаб нухалда тIоритIулев, кинавго чи жинда хIажатав, жинда божун ва мугъчIван рукIунев, гьев Аллагь ﷻ хIакъикъияб Нур вуго. Гьеб Аллагьасул ﷻ Нур гьечIеб бакI тIобараб бецIлъи ва жагьиллъи буго»-абун.

Ал-мунтахаб абураб тафсиралда абуна: «ТIадегIанав Аллагь зобалазул ва ракьалъул канлъиялъул аслу вуго. Аллагьас ﷻ нилъеда бихьулеб канлъиялдалъун нур базабула ва нилъеда бихьулареб иманалъул, диналъул нуралдалъунги нур базабула. Гьеб нур буго хIакъаб ва битIараб жоялъул, гIелму-лъаялъул, къадро- къиматалъул, яхI-намусалъул ва лъикIабщинаб жоялъул нур. Аллагьасде ﷻ унеб битIараб нухалъул ва хIакъаб диналъул нур. Жив цох1о вукIиналда тIоритIел гьабулел Аллагьасул ﷻ мухIканал гIаламатазул нур. Щибаб жоялда жаниб жиб бугеб «жиб бижарав Халикъ вуго»-абун жинца абулеб ва Аллагьасда ﷻ иман лъеялда ахIулеб хIужа-далилалъулъ нур»-абун.

Жиб загьирлъиялъулъ, жиндир гвангъиялъулъ **Аллагьасул ﷻ нуралъул мисал буго жинда жаниб чирахъ бугеб рукъалъул къадалъ гьабураб гьитIинаб гордоялде релълъун. Гьеб гордо ц1вакараб мат1уг1адаб, жинца канлъи ц1ик1к1изабулеблъун бугеб. Гьеб чирахъги цIорол шишаялда (лампаялда) жаниб бугеб. Гьеб цIорол лампаги жавгьар якъут гIадин жиб кенчIолеб. Гьеб чирахъ бакулеб нахги жиндир баракат бугеб зайтуналъул гъветIалъул пихъалдаса бугеб. Гьеб зайтун тIад бижараб гъветIги бакъ баккуда гьечIого яги бакъ тIерхьуда гьечIого бац1цIадаб алахалъул гохIда тIад бугеб.** ТIубараб къоялъго жинда бакъул чIорал речIчIулеб ва гьелдалъун жиндир пихъги лъикI барщулеб, ва жиндир нахги цIакъ бацIадаб, берцинаб букIунеб.

**Гьеб гъветIалъул пихъалдаса гьабураб нах жинда цIа бакинчIониги канлъи кьелеб гIадаб бугеб. Нуралдаги тIад нур бугеб гIадаб мисал**

**буго гьаб.** Жиб бакараб чирахъалъул нур, гьеб чирахъалда тIад лъураб цIорол шишаялъул нур, гьеб чирахъ жаниб лъураб матIугIан цIвакараб гордоялъул нурги. Гьал киналго нурал цоцалъ журан жиб камилаб, гвангъараб нур лъугьун букIунеб.

**Жиндир нурлъун бугеб Къуръаналда тIовитIула Аллагьас ﷻ жиндие бокьарав чи. ТIадегIанав Аллагьас г1адамазе мисалал рачула,** гьезда жив цо вукIин ва жиндир хIалкIолъи гучаб букIин бичIизабула, иман лъун хIакъаб дин гьабиялда рачIизе бокьун. **Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо лъалев.** Гьесда лъала хIакъаб дин гьабулевги, хъанчие лагълъи гьабулевги лагъ. Мунапикълъи гьабулел гIадамалги лъала Аллагьасда ﷻ, ва гьезул щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабула.

Гьаб заманаялъул гIадамазе ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жанир рачарал мисалал берзукълъун ккезеги бегьула. Гьедин ккечIого букIине муъминзабазда бичIчIизе кколеб масъала буго гьаб: ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръан жиндие хирияв аварагасда ﷺ рештIинабулеб заман букIана гьанжеялдаса анцIила ункъго къарноялъ цебе. Гьеб заман букIана гIадамазул гIемерисел жидер росо-рукъ гуро бихьичIеллъун рук1унеб. Гьезул г1елму-гIакълоги жидеда сверухъ бугеб жоялдаса босараб, гьелда релълъараб букIана. Гьел гIадамазе цIализе ва гьел диналда ахIизе рештIинабураб Къуръанги гьезул гIакълуялда релълъараб мацIалдалъун кIалъалеб букIана.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб гвангъараб нуралъе бачараб мисалги гьезда лъалеб чирахъалдалъун бачана. Гьезул гIемерисел чирахъцин гьечIел рукIана. Нагагь чирахъ бугесулги гамачI бикIун яги хIашул буцун гьабураб гориниб жаниб нах-тIатIиги биун, гьелда жаниб квасул чIологи лъун, гьабураб чирахъ букIана. Жидер бечелъи бугел гIадамазул бацIадаб нахги, цIорол шишаги букIана. Гьаб хIакъикъат бичIарав чиясда бичIизе ккела ТIадегIанав Аллагьас кинаб берцинаб мисал бачун бугеб жинца цIикIкIун гвангъи кьолеб чирахъалъе.

Гьединабго мисал буго БетIергьан Аллагьас ﷻ жив цо вукIин лъаялъе пикру гьабизе ва далил бачизе лъазабун, г1арабиясда абулеб рагIиги: «Гьел гIарабиял балагьуларищ жидер варaниялда, киндай гьеб бижун бугеб абун. Зобалаздаги балагьуларищ, киндай гьел тIаде рорхун ругел абун. МугIруздаги балагьуларищ, киндай гьел рахъун чIун ругел абун, ракьалдаги балагьуларищ, киндай гьеб тIибитIун бугеб абун».(88 сурат.17-20 аят)

Гьаб рагIи абулаго ТIадегIанав Аллагьас гьев гIарабияв бищунго цеве жиндирго варaниялда балагьизе ва гьелъул пикру гьабизе тIамулев

вуго, гьеб варани букIиндалго гьесие бищунго хирияб, жиндир кинабго магIишат-яшав гьаби жинда хурхараб хIайван. Гьадинаб буго ТIадегIанав Аллагьасул къагIида жиндир лагъзадерида дин лъазабиялъулъ.

**36. ТIадегIанав Аллагьасул рукъзал руго масжидал, гьес раеян амру гьабурал ва гьел кIодо гьареянги абурал.**

فِي بُيُوتٍ أَذِنَ ٱللَّهُ أَن تُرۡفَعَ وَيُذۡكَرَ فِيهَا ٱسۡمُهُۥ يُسَبِّحُ لَهُۥ فِيهَا بِٱلۡغُدُوِّ وَٱلۡأٓصَالِ ﴿٣٦﴾

Муъминзаби жидеда жанир руссунел ва гьезул иман ва дин тIибитIулеб ва камиллъулеб бакIлъун жал ругел. **Гьел рукъзабахъ Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабула,** гьесие какал ран, Къуръан цIалун, гIелму лъазабун. **Радал бакъанида** ва щибаб паризаяб какил гIужалъ **Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **какалги рала.**

**37. Гьенир жанир гIемер чIолел бахIарзал руго жал дунялалъул даран-базаралъ Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **рехсеялдаса машгъул гьаруларел, паризаяб как гIужда бан, рукугI-сужда камил гьабун баялдаса, закат кьеялдасаги машгъул гьаруларел. Жидер ракIалги, бералги хIинкъун сверседулеб къиямасеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабулел.**

رِجَالٌ لَّا تُلۡهِيهِمۡ تِجَٰرَةٌ وَلَا بَيۡعٌ عَن ذِكۡرِ ٱللَّهِ وَإِقَامِ ٱلصَّلَوٰةِ وَإِيتَآءِ ٱلزَّكَوٰةِ يَخَافُونَ يَوۡمًا تَتَقَلَّبُ فِيهِ ٱلۡقُلُوبُ وَٱلۡأَبۡصَٰرُ ﴿٣٧﴾

Гьаб аят рештIинабуна жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабазул хIакъалъулъ: Жидеда как ахIулеб гьаракь рагIарабго кинабго хIалтIиги реххун тун масжидалда унел рукIарал, гьенир игIтикафалда чIун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулел рукIарал.

Гьаб аяталда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: «Масжидазда жанир чIун бихьинал рукIула»-абун. Гьаб рагIиялъ лъазабулеб буго масжидал ралелги, гьел гIибадаталдалъун берцин гьарулелги бихьинал рукIин. Руччабазе как бай ва цогидаб гIибадат гьаби жидерго рукъоб гьабизе хирияб буго.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну МасгIудидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ЧIужугIаданалъ рукъоб бараб как хирияб буго, Рукъоб баралдасаги хирияб буго жийго жаний чIолеб рукъалъул бокIоналда бараб»*-абун.
ХIадис имам абу Давудица бицана.

Берцинаб ретIел ретIичIого, гьуин махIал гьаричIого, хIатIазда курхьинал рачIого масжидалда рачIинеги бегьула жидер напс цIунарал,

Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал руччаби. Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну ГIумаридаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца Аллагьасул ﷻ лагъзал (руччаби) Аллагьасул ﷻ рукъор рачIиналдаса нахъе чIваге!»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

**38. ТIадегIанав Аллагьас гьезул гIамалазда данде жазаъ гьабула гьез гьабураб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб.**

لِيَجۡزِيَهُمُ ٱللَّهُ أَحۡسَنَ مَا عَمِلُواْ وَيَزِيدَهُم مِّن فَضۡلِهِۦۗ وَٱللَّهُ يَرۡزُقُ مَن يَشَآءُ بِغَيۡرِ حِسَابٖ ﴿٣٨﴾

Гьезул гIайибалги Аллагьас ﷻ тIаса лъугьун тола, **жиндирго цIоб-рахIматалдалъун Аллагьас ﷻ гьезие жегиги лъикIлъи цIик1кIизабула** ва лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъги гьабула. **Аллагьасе ﷻ бокьарав чиясе ризкъиги кьола гIатIидго, щибго хIисаб гьечIого.**

Имаму Р-разияс абуна: ТIадегIанав Аллагьас кантIизарулел руго жив жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIалкIолев вукIиналда. Жиндир сахавалъи ва гурхIел кIудияб букIиналдаги. Жиндир лагъзадерица гьабураб гIамалалда данде гьелдасаги цIикIкIараб ажро-кири гьабулеб буго Аллагьас ﷻ. Гьелдаги тIаде, гьел лагъзал жиндир гIазабалдаса хIинкъи сабаблъун, жидее гIорхъиго гьечIел ахираталъул нигIматалги кьолев вуго Аллагь ﷻ-абун.

**39. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гIадамаз дунялалда гьарулел рукIарал лъикIал гIамалал, гьез жидее ахиратада мунпагIат гьабилин хьулги букIарал, гьел гIамалал руго бакъ багIарараб мехалъ алахалда бихьулеб мираж гIадаб жо:**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ أَعۡمَٰلُهُمۡ كَسَرَابِۭ بِقِيعَةٖ يَحۡسَبُهُ ٱلظَّمۡـَٔانُ مَآءً حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَهُۥ لَمۡ يَجِدۡهُ شَيۡـٔٗا وَوَجَدَ ٱللَّهَ عِندَهُۥ فَوَفَّىٰهُ حِسَابَهُۥۗ وَٱللَّهُ سَرِيعُ ٱلۡحِسَابِ ﴿٣٩﴾

Ракьалда тIад лълъин билълъун унеб бугин ккола цо-цо мехалъ гIемерго багIари цIикIидалго. Гьелда абула мираж абун. **Гьаб мираж къечон вугев чиясе лълъим бугилан ракIалда ккола. Цинги жив гьеб тIалаб гьабун цевехун индал, жинде щибго жо батуларо.** Гьединаб буго капурчиясул гIамалалъул мисал. Гьесие гьеб ахираталда батуларо.

**Ахираталда гьесие Аллагь ﷻ ватула жиндие жазаъ гьабизе хIадурун ва гьесул гIамалазда рекъон гьесие жужахIалъул гIазаб гьабула. ТIадегIанав Аллагь жинца хIисаб цIакъ хех гьабулев вуго.** Гьесие щибго квалкал букIуларо гIемераб халкъалъул хIисаб

цохIо сагIаталъ гьабизеги: гьесие заманалъул халалъи- къокълъи гьечIо, гьев цо ишалъ цоги ишалдаса машгъул гьавуларо.

أَوْ كَظُلُمَٰتٍ فِي بَحْرٍ لُّجِّيٍّ يَغْشَىٰهُ مَوْجٌ مِّن فَوْقِهِۦ مَوْجٌ مِّن فَوْقِهِۦ سَحَابٌ ظُلُمَٰتُۢ بَعْضُهَا فَوْقَ بَعْضٍ إِذَآ أَخْرَجَ يَدَهُۥ لَمْ يَكَدْ يَرَىٰهَا وَمَن لَّمْ يَجْعَلِ ٱللَّهُ لَهُۥ نُورًا فَمَا لَهُۥ مِن نُّورٍ ﴿٤٠﴾

**40. Яги гьел капурал гIадамазул мисал гъваридаб ралъдал тIинада букIунеб бецIлъиялда релълъун буго; цоялда тIад цоги карачел бачIунеб. Гьел карачелазул бецIлъиялда тIадги накIкIазул бецIлъи бугеб. Цоязда тIаде цогиги бецIлъи букIунеб ва жинца квер цебе ккун валагьани, жинда гьеб квер бихьулареб.** Гьадинаб хIал буго капурчиясул мунагьазул бецIлъабазул.

Гьесул рагIиги бецIлъи буго, гIамалги бецIлъи буго, гьев лъугьунеб бакIги бецIлъи букIуна (хоб), гьев къватIив вахъулеб бакIги бецIлъи букIула. Ахираталда гьев жанив вуссунеб жужахIги бецIаб, махIцараб рукъ буго. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие нур гьабичIев чиясе** (иманалда тIовитIун хIакъаб диналда вачичIев чиясе) **гьев нуралда вачулев ва гьев тIовитIулев чи вукIуларо.**

ТIабигIаталъул гIелму лъалев цо гIалимчиясда гьаб аят цIалулеб рагIараб мехалъ (40 аят) гьев чияс гьикъана: авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гамаялда рекIун ралъадалда тIаде хьваданищ абун?. хьвадичIоян абидалго, дов чияс абуна: дица нугIлъи гьабулеб буго гьев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Аллагьасул расул вугин- абун. Дуда гьеб кин лъарабан гьикъидалго, гьес абуна:

«Ралъадалъул карачелазул хьвади бицараб гьаб гIелму лъаларо гIумруялъго ралъдада тIад гамида рекIун хьвадулев, гьеб ралъад багъарун, гьелъул хIинкъиги чIамурав чиясда гурони. Гьев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ралъдада тIад хьвадичIо абун бицидал дида лъана гьес бицараб рагIи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букIин»-абун.

Ралъадалъул бецIлъиялъул бицулаго ТIадегIанав Аллагьас баян гьабуна гIелмияб цIех-рех гьабун азаргоялдаса цIикIун сонал гьоркьор араб мехалъ гIалимзабаца тасдикъ гьабураб хIукму: ралъадалда жанир цоязда тIаде цоги карачелазул гъатал рукIунел рукIин ва гьел карачелазул хьвади батIи-батIияб букIун, гьезул борхалъи, хехлъи ва унеб рахъ (направление) батIияб букIун, кигIан бацIцIадаб лъим бугониги, гьел карачелазда гьокь бецIлъи букIунеблъи. Нилъеда загьиралда лъалеб хIакъикъат буго карачелал гьечIеб хIорил лъималда гьоркьосан гьелъул тIино бихьулеблъи, гIезегIанго бицатаб лъим бугониги. ГIелмияб цIех-рех гьабун гурого жиб лъалареб хIукму бицинги Къуръан мугIжизат букIиналда

тIоритIел гьабулеб гIаламат буго.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يُسَبِّحُ لَهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ
وَٱلْأَرْضِ وَٱلطَّيْرُ صَٰٓفَّٰتٍ ۖ كُلٌّ قَدْ عَلِمَ صَلَاتَهُۥ
وَتَسْبِيحَهُۥ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِمَا يَفْعَلُونَ ﴿٤١﴾

**41. Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагь вукIин зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъаталъ жиндие тасбихI гьабулев.** Жив вацIцIад гьавулев ва тIадегIан гьавулев.

**Зобалазда мохъал гьарун, куркьби щвакун роржулел хIанчIацаги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тасбихI гьабулеблъи лъаларищ дуда? Х1акълъунго кинабго махлукъ гьелъ гьабулеб гIибадаталда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тIобитIун буго** Малаикзаби, гIадамал, жундул, жидеца гьабулеб гIибадат: тасбихI гьаби, как бай ва цогидабги,- гьезда тIад къараб г1ибадат, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеда лъазабун, гьесул тIоритIелалдалъун гьабулел руго. **ТIадегIанав Аллагьасе лъала жиндир лагъзадерица гьабулеб гIибадат.** Ва гьезие лъикIаб жазаъги гьабизе буго.

وَلِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ وَإِلَى ٱللَّهِ
ٱلْمَصِيرُ ﴿٤٢﴾

**42. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал ракьазулги, кинабго махлукъаталъулги ханлъи. Ахир кинабго халкъалъул руссинги Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ буго.**

Гьес хIисаб-мизан гьабун, жидер гIамалазда рекъараб жазаъ гьабун муъминзаби алжаналда, капурзаби жужахIалда лъугьинаризе руго.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يُزْجِى سَحَابًا ثُمَّ يُؤَلِّفُ بَيْنَهُۥ ثُمَّ
يَجْعَلُهُۥ رُكَامًا فَتَرَى ٱلْوَدْقَ يَخْرُجُ مِنْ خِلَٰلِهِۦ
وَيُنَزِّلُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مِن جِبَالٍ فِيهَا مِنۢ بَرَدٍ فَيُصِيبُ بِهِۦ
مَن يَشَآءُ وَيَصْرِفُهُۥ عَن مَّن يَشَآءُ ۖ يَكَادُ سَنَا
بَرْقِهِۦ يَذْهَبُ بِٱلْأَبْصَٰرِ ﴿٤٣﴾

**43. Дуда бихьуларищ ва лъаларищ МухIаммад ﷺ, Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин жинца накIкIал хьвадизарулев. Цинги жинца гьел накIкIал цоял-цоязда аскIоре рачун, цоцаде тIад руссизарун бакIлъизарулев ва цIадал лъималъул цIезарулев. Цинги дуда гьел накIкIаздаса чваххун балеб цIадги бихьула.**

**Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зобалазда ругел мугIрузда релълъарал накIкIаздаса гIазо ва горо (цIер) рештIизабула. Гьеб горо жиндие бокьаразул ах-хуралда тIаде бан гьеб гьалаг гьабула. Жиндие бокьаразул ах-хур гьеб гороялъ зарал гьабиялдаса цIунула. Гьеб горо балеб мехалъ зодиб пирхулеб пириялъ берзул канлъи инзабулеб хIалги букIула.**

يُقَلِّبُ ٱللَّهُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَعِبْرَةً
لِّأُو۟لِى ٱلْأَبْصَٰرِ ﴿٤٤﴾

**44. Жинца сордо-къо хиса-сверизе гьабулевги вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.** Цояб кIодо гьабун, цояб гьитIин гьабун, цояб бецIаб

цояб нур бугеб гъабун, цояб хинаб цояб квачараб гъабун.

**Х1акълъунго Гъаб тIадехун бицараб зобал ракьазул ва накIкIцIадалъул хабаралда жаниб жидеца пикру гъабулел, жидер гIакъло-лъай бугел, рекIелъ иманалъул нур бугел гIадамазе гIакъло босизе, вагIза-насихIат босизе далилал руго.**

НакIкIазул гIуцIи бицулаго ТIадегIанав Аллагьас абуна: «мугIрул гIадал» абун. Гьел накIкIал мугIрузда релълъун рукIин лъазе ккани накIкIаздаса т1адегIан рахун ралагьизе ккола. Аварагасда ﷺ Къуръан рештIинабулеб заманаялъ гIарабиязул ракьалда цIакъго рорхатал мугIрулги рукIинчIо, жал роржунел алаталги рукIинчIо, гьел накIкIазул тIасияб рахъ бихьизе ва гьел мугIрузда релълъун рукIунеблъи лъазе. ХIакъикъаталда накIкIалдаса тIадехун рахараб мехалъ самалёталда рекIун унел гIадамазда гьел накIкIал рихьула мугIрузда, кIкIалазда, гохI-щобалда релълъун. Гьабги Къуръан мугIжизат букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат буго.

Гьединго инсан кантIизавулев вуго цохIо накIкIалдасан къватIиб лъимги, ц1адги, гороги, бецIлъиги, нурги загьирлъулеб букIиналда. Гьеб накIкIалдаса бараб цIадалдалъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьаразе мунпагIат ва жиндие бокьаразе зарал гьабулеб букIиналдаги.

وَٱللَّهُ خَلَقَ كُلَّ دَآبَّةٍ مِّن مَّآءٍ فَمِنْهُم مَّن يَمْشِي عَلَىٰ بَطْنِهِۦ وَمِنْهُم مَّن يَمْشِي عَلَىٰ رِجْلَيْنِ وَمِنْهُم مَّن يَمْشِي عَلَىٰٓ أَرْبَعٍ يَخْلُقُ ٱللَّهُ مَا يَشَآءُ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤٥﴾

**45. ТIадегIанав Аллагьас кинабго рухI бугеб жо лъималдаса бижана.** Жидер тIабигIат, жинс, черх батIиял, жидер сипат-сурат батIияб, гьаб гIаламалда жаниб бугеб кинабго махлукъаталъул бижиналъе аслолъун лъим гьабуна.

РухI бугеб букIа, рухI гьечIеб букIа жиб бижулеб, цIобалеб, кIодолъулеб жо лъим гьечIого бижулареб буго.

**Гьел рухIчIаголъаби цоял чехьалда хьурщун унел руго,** хIапара ва борохь гIадаб. **Цоял кIиго хIатIида хьвадулел руго:** гIадамал ва хIанчIи гIадал. **Цоял ункъго хIатIида хьвадулел руго:** гIиял-хIайванал гIадал. Цогиги гIемерал хIатIал ругел рухIчIаголъаби руго, лъеда гъокье милъир хьвагIулел ччугIби руго. Инсанасда жиб лъалареб гIемер батIияб махлукъат буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ.

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо бижула ва гьев бокьараб жо гьабизе хIал кIолевги вуго.**

لَّقَدْ أَنزَلْنَآ ءَايَٰتٍ مُّبَيِّنَٰتٍ وَٱللَّهُ يَهْدِي مَن يَشَآءُ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٤٦﴾

**46. Х1акълъунго, дица Къуръаналъул аяталги рештIизаруна,- жидеца х1укму баян гьабулел.**

ГIакъло бугел гIадамаз пикру гьабизе

ва гьаб махлукъ бижарав Халикъ вукIин лъан, гьесда иман лъезе ва гьесие гIибадат гьабизе. **ТIадегIанав Аллагьас жиндие бокьарав чи битIараб нухалда ва исламияб диналда тIовитIула.**

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев жинца жо бижулев ва жиндир хIалкIолъи камилав вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал рицунаго, ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кинабго рухIчIаголъи лъималдаса бижана»-абун. Мунтахаб абураб тафсиралда абуна: хирияб Къуръаналда жаниб рехсараб лъималдаса мурад буго бихьинаб ва цIуяб жоялъул насло лъугьизе данделъулеб мани. Гьедин бугониги гьаб аяталда жаниб «кинабго хIайван лъималдаса бижана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ »-абураб рагIиялда жаниб гIелмияб хIужжа-далилги буго кинабго жоялъул чIаголъи ва бижи лъималда хурхараб, гьелдалъун бугеб букIиналда. Инсанасул чорхолъ нусгоялдаса лъабкъоялда анцIго бутIа лъим буго. Гьеб лъим квеналдасаги цебе инсанасе хIажалъулеб жо буго. Квен гьечIого кIикъоялда анцIго-лъабкъого къоялъ чIаго хутIула инсан, лъим гьечIого щуго-анцIго къоялдаса халат чIаго хутIуларо. Кинабго чорхолъ хьвадулеб биялъул, нахалъул, нервабазул аслоги лъималдаса буго. Квен биинабиялъе, гьеб чорхолъ инзабиялъе, гьединго черхалъе хIажат гьечIеб лъим ва гъиз къватIибе бачIинабиялъеги лъималъ кумек гьабула. Гьаб хIисабалда цогидал киналго рухIчаголъабиги лъималдаса рижарал ва гьеб лъим гьечIого жидее г1ейи лъугьуларел руго.

وَيَقُولُونَ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَبِٱلرَّسُولِ وَأَطَعۡنَا ثُمَّ يَتَوَلَّىٰ فَرِيقٞ مِّنۡهُم مِّنۢ بَعۡدِ ذَٰلِكَۚ وَمَآ أُوْلَٰٓئِكَ بِٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٤٧

**47. Гьел мунапикъзабаца абулеб буго нижеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъуна ва гьесул расуласдаги صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъуна, ниж гьесдаги мутIигIлъана абун. Цинги гьезул цо къокъа Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму къабул гьабичIого, гьелдасан руссунел руго, жидеца доб рагIиги бицун букIадго. Гьал гIадамал муъминзаби гьечIо.**

Гьал руго Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулги صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьезда иман лъурал муъминзабиги жидеца гуккулин абун ракIалда бугел гIадамал. Амма гьез жидерго напсал руго гуккулел ва гьелъул балагьги гIазабги жидеего букIизе буго.

وَإِذَا دُعُوٓاْ إِلَى ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ لِيَحۡكُمَ بَيۡنَهُمۡ إِذَا فَرِيقٞ مِّنۡهُم مُّعۡرِضُونَ ٤٨

**48. Жидеда гьоркьоб шаргIияб хIукму гьабизе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Къуръаналда ва аварагасул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталда рачIа абун абураб мехалъ гьезул цо къокъа**

**(мунапикъзаби) гьелдаса руссун чІолел руго.**

وَإِن يَكُن لَّهُمُ ٱلۡحَقُّ يَأۡتُوٓاْ إِلَيۡهِ مُذۡعِنِينَ ٤٩

**49. Гьеб хІукму гьабулеб масъала жидер рахъалда хІакъаб жо бугеб батани гьел цІакъ хехго ва мутІигІлъун рачІунел руго расулуллагьасухъе ﷺ гьес хІукму гьабизе.**

Жидеда лъалеб букІиналъе гІоло Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас хІакъаб хІукму гьабизе букІин. Жидеда гІайиб кколеб хІукму бугони гьел аварагасда ﷺ аскІор къалел гьечІо. Гьеб буго гьал г1адамал мунапикъзаби рукІиналъул кІудияб гІаламат.

Гьаб гІаламат гІемераб буго гьаб заманаялъ бусурбаби абун ругел гІадамазда гьоркьобги: жидее дунялалъул хайир кколеб рахъалде унел руго хІукму гьабизе. Жидер мурад тІубалеб бугони шаргІалда рачІунел руго, гьедин гьечІони капурзабазул къануналде унел руго. Муъминзабазул сипат гьечІо гьеб. Муъминзабазда тІадаб буго жидее бокьулеб бугониги, рихулеб бугониги Аллагьасул ﷻ ва гьесул расуласул ﷺ хІукму къабул гьабизе ва гьелда разилъизе. Аллагьасул ﷻ шаргІалда хІукму гьабичІого капурзабазул къануналда хІукму гьабизе арал гІадамал капурзабазул хІукмуялда рукІуна.

أَفِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ أَمِ ٱرۡتَابُوٓاْ أَمۡ يَخَافُونَ أَن يَحِيفَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِمۡ وَرَسُولُهُۥۚ بَلۡ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٥٠

**50. Гьел мунапикъзабазул рекІелъ унтийищ бугеб? Яги гьел аварагасда ﷺ щакдарулелищ ругел? Яги гьел хІинкъунищ ругел жидее Аллагьасги ﷻ аварагасги ﷺ мекъаб, зулмуяб хІукму гьабила абун?**

**Гьедин гьеч1о амру, гьел гІадамал руго жидеца жидерго напсазе зулму гьабулел.**

Гьезул кІигьумерчилъи ТІадегІанав Аллагьасе бихьунеб ва лъалебги буго, гьелда рекъараб жазаъ гьабун гьезие ахираталда жужахІалъул гІазабги букІине буго.

إِنَّمَا كَانَ قَوۡلَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ إِذَا دُعُوٓاْ إِلَى ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ لِيَحۡكُمَ بَيۡنَهُمۡ أَن يَقُولُواْ سَمِعۡنَا وَأَطَعۡنَاۚ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٥١

**51. Х1акълъунго иманалъулъ ритІухъал муъминзаби жидеда гьоркьоб хІукму гьабизе Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда ﷺ ахІараб мехалъ гьез абула:**

**«Нижеда гьеб ахІи рагІана ва ниж гьелъие мутІигІлъана»-абун. Гьал руго жидер дунялалъул ва ахираталъул лъикІлъиялда каерщел батарал гІадамал.**

وَمَن يُطِعِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَيَخۡشَ ٱللَّهَ وَيَتَّقۡهِ

**52. Жал Аллагьасдаги ﷻ гьесул**

фَأُولَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡفَآئِزُونَ ﴿٥٢﴾

**расуласдаги ﷺ мутIигIлъарал, Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъун, гьесда гIасилъиялдаса цIунунги хьвадарал,-гьал гIадамал руго жидер бахьибуголъарал.**
Гьел руго Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса жал хвасарлъарал, жидеда Аллагь разилъарал, ва гьесул алжанал жидее насиблъарал гIадамал.

۞وَأَقۡسَمُواْ بِٱللَّهِ جَهۡدَ أَيۡمَٰنِهِمۡ لَئِنۡ أَمَرۡتَهُمۡ لَيَخۡرُجُنَّۖ قُل لَّا تُقۡسِمُواْۖ طَاعَةٞ مَّعۡرُوفَةٌۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Гьел мунапикъзаби цIакъ кутакаб гьа гьедун жидеца къотIи гьабулел руго жидеда аварагас ﷺ амру гьабуни жал гьевгун цадахъ гъазаваталда рахъине руго абун.**
**Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ «нужеца гьересияб гьа гьедуге! Нуж кин мутIигIал ругеблъи Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги ﷺ лъала!**
Нужер мутIигIлъи буго мацIаздалъун бугеб, нужер ракIал мутIигIал гьечIо. Нуж кIалалдалъун мутIигIлъун руго, амма нужер гIамал мутIигIлъаразул гьечIо. **ХIакълъунго Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб гIамал; загьиралда гьабулеб ва балъго гьабулеб.** РекIел ниятги к1алалъ бицунеб хабарги лъала Аллагьасда ﷻ .

قُلۡ أَطِيعُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُواْ ٱلرَّسُولَۖ فَإِن تَوَلَّوۡاْ فَإِنَّمَا عَلَيۡهِ مَا حُمِّلَ وَعَلَيۡكُم مَّا حُمِّلۡتُمۡۖ وَإِن تُطِيعُوهُ تَهۡتَدُواْۚ وَمَا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلۡبَلَٰغُ ٱلۡمُبِينُ ﴿٥٤﴾

**54. Дуца гьезда абе Мух1аммад ﷺ: Нуж Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе мутIигIлъе гьал гIадамал! Нуж гьаб амру тIубаялдаса руссани, хирияв расуласда ﷺ тIад бугеб жо буго Аллагьас ﷻ тIад къараб амру нужехъ щвезаби.**
**Нужеда тIадги буго гьев аварагасе ﷺ мутIигIлъи ва гьесул амруялда нахърилълъин. Аллагьасул расуласда ﷺ мутIигIлъун нуж хьвадани нуж хIакъаб диналда тIуритIараллъун рукIине руго** ва нужее бахьибуголъи, дунял ахираталъул лъикIлъи щвезе буго. **Гьев расуласда тIад къараб жо гьечIо Аллагьасул ﷻ дин нужехъе щвезаби гурони.** Нужеца гьабураб мутIигIлъиялъул яги гIасилъиялъул жазаъ нужее букIине буго.

وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنكُمۡ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَيَسۡتَخۡلِفَنَّهُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ كَمَا ٱسۡتَخۡلَفَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ وَلَيُمَكِّنَنَّ لَهُمۡ دِينَهُمُ ٱلَّذِي ٱرۡتَضَىٰ

**55. Нужедаса жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьас ﷻ къотIи гьабун буго гьел гьаб ракь ирсалъе бусулеллъун гьарила абун, нужеда цере рукIарал муъминзабиги гьедин**

لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُم مِّنۢ بَعْدِ خَوْفِهِمْ أَمْنًا ۚ يَعْبُدُونَنِى لَا يُشْرِكُونَ بِى شَيْـًٔا ۚ وَمَن كَفَرَ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَـٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَـٰسِقُونَ ﴿٥٥﴾

**ханзабилъун ва варисзабилъун гьарураб гIадин.**

Капурзабазда тIад бергьун, гьезул ракьазда бусурбаби маликлъун, гьенибги исламияб дин тIибитIизабун хьвадизе руго Аллагьасул ﷻ амруялда мутIигIлъун, гьесул расуласда ﷺ нахърилълъун хьвадарал муъминзаби.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицун тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва хириял асхIабзаби гьижра гьабун Мадинаялда рачIараб мехалъ, киналго гIарабиял гьезда рагъ гьабизе цолъун рукIана. Аллагьасул расулги ﷺ гьесул асхIабзабиги رضي الله عنهم релъедалги къадги жидерго ярагъ кодоб ккун рукIунел рукIана. Гьел асхIабзабаца цоцаздехун абулеб букIана: нужеда ракIалда кколищ нилъ цохIо Аллагьасдаса ﷻ гурого хIинкъичIого, гьесие гIибадат гьабун гIодоре риччан рукIунеб къо бачIинин?- абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIинабуна ва гьеб къотIи жинца тIубазабуна: Исламияб дин ва уммат машрикъалдаги магърибалдаги гьоркьоб тIибитIана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалдаги буго: *«ТIадегIанав Аллагьас дида гьаб кинабго дунялалъул ракь дандеги сукIун (данде цIцIан, гьитIин гьабун) бихьизабуна. Дида гьеб дунялалъул киналго рахъал рихьана. Дир умматалъул ханлъи щвезе буго Аллагьас ﷻ дида бихьизабураб кинабго бакIалда»*-абун. Гьаб хIадис бицана мигIражалда ун худуб, гьеб мигIражалда рихьарал гIаламатал рицунеб мехалъ. ХIадис имам Муслимица бицана.

**Дица гьел муъминзабазул дин, Дун жинда разилъараб, цогидал киналго диназда тIад бергьинабун, гьелъул къадроги тIокI гьабила.** Гьеб дин гьабулел гIадамалги жидер гуч бугел гьарила, Аллагьасул ﷻ диналда халкъ ахIулеллъун гьарила. **Гьел хIинкъаралльун рукIун хадур жал божарал, жидее щибго хIинкъи гьечIел гьарила. гьез дун цо гьавун, дун разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулеллъун гьарила. Дидехун щибго жо гIахьал гьабун жидеца ширк гьабулареллъун гьарила.** Хъанчал ругониги, малаикзаби ругониги, жидедаго релълъарал гIадамал ругониги, гьел алагьзабилъун кколарел, гьезда божун, гьезда хьул лъун рукIунарел гьарила.

**Гьал кIудиял нигIматал кьун хадурги гьезда инкар ккурал**, гьезда данде щукру гьабун дие гIибадат гьабун ва дун разилъи тIалаб гьабун хьвадуларел гIадамал **Аллагьасде** ﷻ **гIасилъарал, гьесул**

**амруялда нахърилълъи тарал пасикъал гIадамал руго.**

**56. Нужеца хIукъукъал тIубан, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун паризаял какал рай паризаяб закатги кье, нуж Аллагьасул расуласеги صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ мутIигIлъе! Гьадин нуж хьвадани Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нужеда гурхIила ва нужее дунял ахираталъул бахьибуголъи щвела.**

وَأَقِيمُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُواْ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَطِيعُواْ ٱلرَّسُولَ لَعَلَّكُمۡ تُرۡحَمُونَ ٥٦

Ибнукасирица абуна: ТIадегIанав Аллагьас къотIи гьабулеб буго жиндир хирияв расул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, жинда свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе, гьесул уммат жинца гьабизе бугин абун дунялалъул ханзабилъун, имамзабилъун ва гьел имамзабаздалъун улкабазул хIал лъикIлъизе бугин. Гьезие купру-ширкалъул агьлуги мутIигIлъизе бугин, гьезул хIинкъи тIаса инабун гьезие божилъи ва парахалъиги гьабизе бугин абун. ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасе صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ гьабураб къотIи тIубазабуна, кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго жинца муъминзабазе квербакъулев ва гьезул мунагьал чурулев.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хвелелдего Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесие рагьана Маккаги, Хайбарги, БахIрейниги, тIобарабго гIарабиязул бащадаб чIинкIиллъиги (Аравийский полуостров). Гьединго исламияб дин тIибитIана кинабго Яманалъул ракьалдаги. Хирияв аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ жизят тIадлъун мукIур гьарун рукIана Гьажар абулеб ракьалъул мажусиялги, Шамалъул улкабазул рагIаллъиялда ругел цо-цо къавмалги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе сайгъатал ритIун гьев кIодо гьавуна Румазул хан Гьиракълица, Мисриялъул ва Искандриялъул хан Мукъавкъисица, ГIамманалъул ханзабаз, ХIабаш улкаялъул жинца МухIаммадида صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ иман лъурав хан Нажашиясги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда хадув гьесул амру тIубазабизе халипалъун ва муъминзабазул имамлъун чIана жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб. Хирияв авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ хун хадуб раккарал питнаби жинца къезаруна, гьереси аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ чIвана ва закат кьоларел гIадамалги рагъги бан мукIур гьаруна. ГIарабиязул ракьалдаса питна тIагIинабун гьеб хIалхьезабун хадуб жинда Аллагь разилъаяв Халид ибну Валидил амирлъиялда гьоркь боял ритIана Персазул улкаялда (Иран, ГIиракъ). Гьезул гIемерал гIадамалги чIвана, гьезул улкаялъул цо бутIа исламияблъунги гьабуна. Жинда Аллагь разилъаяв АбугIабайдатил амирлъиялда гьоркь Шамалъул улкабазда ритIана цогидал боял. Жинда Аллагь разилъаяв ГIамру ибну

ГIассил амирлъиялда гъоркь Мисриялдаги ритIана исламиял аскарал. Абубакар асхIабасул халипалъи тIубалелде Димашкъ ва Бусра шагьар исламияб лъугьун букIана, гьезда сверухъ ругел ракьалги бусурбабазул давлалъун, гъаниматлъун лъугьун рукIана.

ТIадегIанав Аллагьас исламияб умматалда цIоб-рахIмат гьабуна хирияв Абубакарида ﷺ жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIаб халипалъун тезе илгьам гьабиялдалъун. Жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабурав ГIумарулфарукъ унго унгояб хIалалъ исламияб умматалъе амирлъи гьабун, Аллагьасул ﷻ диналъе хъулухъ гьабун хьвадана. Аллагьасул свалат салам лъеял аварагзабазда хадув гьев ГIумар асхIабгIан жиндир гIадлу камилав, къуват-гуч бергьарав, тIабигIат къвакIарав Аллагьасул ﷻ лагъ вукIинчIо, жинца Аллагьасул ﷻ дин ракьалда тIибитIизабун ва гьеб цIунун хьвадарав.

Гьесул халипалъиялъул заманаялъ тIобанго Шамалъулги Мисриялъулги улкаби исламияллъун гьаруна. ГIемерисеб Пурсазул ракьги исламияб лъугьана. Кисра ханасул ханлъи хвезабуна, гьев гIодовегIан гьавун жиндир ханлъиялъул рикIкIадаб ракьалда лъутана. Шамалъул улкабазул хан Къайсарги КъустIантIиниялда кIанцIинавуна (Кастантинополь, гьанже Станбул). Гьел улкабазул бечелъиги мужагьидазе гъаниматлъун ва Аллагьасул ﷻ диналъе квербакъи гьабизелъун бикьана. Аллагьасул хирияв расуласе ﷺ гьабураб гьел улкабазул ханлъи бусурбабазе букIине бугин абураб къотIиги загьирлъана ва тIубана:

Цинги ГIусман асх1аб халифалъун вач1ана ва гьесул улка машрикъ-магърибалда гьоркьоб цIакъ гIатIилъана. Бакъ баккул рахъалда Испания ва Киприялда щвезегIен Европаялда исламалъ ханлъи гьабуна. Гьелдаса гъоркьехун бахIрул МухIитIалъул (Индияский океан) рагIаллъабазда щунги гьеб исламияб давлат букIана. Бакъ баккул рахъалда Китаялъул ракьалдаги исламияб дин щвана. Кисра ханги чIван тIубанго гьесул ханлъи тIагIана. Турказулгун рагъ гьабун гьезул гIемераб халкъ чIвана ва гьезул вищунго кIудияв хан Ханкъанги Аллагьас ﷻ гIодовегIан гьавуна.

Машрикъ-магърибалдаса жизьятги, магъалоги жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIабасул амруялда гъоркь, гьесул хазина цIунулел бакIазда чвахун, гьениса исламияб диналъул хIукмуялда рекъон бусурбабазул хIажатазе ва Аллагьасул ﷻ дин тIадегIан гьабиялъе хIалтIизабуна. Гьеб кинабго жоялъе сабаблъун ккана жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIаб; жинца Къуръан гIемер цIалулев, цогидазда гьеб лъазабулев, Къуръан данде гьабун, гьеб гIадада хвеялдаса ва жинда жаниб хис-бас

ккеялдасаги жинца цIунарав.

Гьадинаб божилъиялда ва дин цебе тIеялда букIана исламияб уммат жидеда Аллагь разилъаял Абубакр, ГIумар ва ГIусман, халипалъун ругеб заманаялъ. Цинги бусурбабада гьоркьоб иблис хIалтIана, ягьудиязул макроги гIемерлъана. Жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIаб чIваралдаса хадуб муъминзаби ракI парахатго, божуда рукIунеб замана дагьлъана. Имамзабаца жал цIунулел гIадамал цадахъ чIезаруна, цогидал бусурбабаз ярагъ кодоб ккуна. Халипалъи ханлъиялда сверана, динги дунял щвей сабаблъун хIалтIизабуна, халкъалда гьоркьоб зулму ва пасалъи цIик1кIана.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: *«Гьаб дир умматалъе рохел бицун буго гьезул дин тIадегIанаб букIина абун ва гьезие квербакъиги букIина абун. Ракьалда тIад гьезие бергьенлъиги букIина, гьел гIадамал жидер дин дунял тIалаб гьабизе гIоло гьабулел гьечIебгIан мехалъ. Цинги гьез ахират тIалаб гьабун гьабулеб гIамал дунял тIалаб гьабун гьабураб мехалъ, гьезие ахираталда алжаналъул щибго бутIа букIунаро»*-абун.

Жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабиги, гьезда хадур рукIарал лъикIал муъминзабиги жидеца амру-нагью гьабиялъулъ, жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин цIуниялъулъ ва гьеб тIадегIан гьабиялъулъ цIакъ яхI бахъулел рукIиналъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие квербакъи гьабун исламияб дин дунялалъул гIемерал улкабазда тIибитIун букIана. ГIемерал халкъазда ва шагьаразда исламияб хIукму хьвадизабулеб букIана. Цинги гIадамазул яхI бахъи дагьлъарабгIан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие квербакъи дагь гьабуна, гIадамазул гIасилъи цIикIкIанагIан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда тIаде залимзаби, капурзаби риччана ва жакъа исламияб дин кин бугеб ва бусурбабазул хIал щиб бугеб киназдаго лъалеб, загьираб амру буго. ТIадегIанав Алласда божи ва хьул буго жиндир цIоб-рахIматалдалъун бусурбаби кантIинарилин абун, гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялдеги руссинарилин абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб сахIихIаб хIадисалда буго: *«Дир умматалдаса цо къокъа кидаго камизе гьечIо жидеца хIакъаб исламияб диналъе квербакъулеллъун. Гьезие зарал гьабизе гьечIо гьелгун цадахъ чIечIого, гьезие квербакъи гьабичIого чIарал гIадамаз, яги гьездехун хилиплъи гьабун чIарал гIадамазги. Гьедин букIине буго къиямасеб къо щвезегIан»*-абун. ХIадис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Цогиги сахIихIаб хIадис буго: *«Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьаби къиямасеб къо щвезегIан букIине буго»*-абун.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ гьесул диналъе квербакъулездаса гьареги. Нилъер рекIелъ иман, яхI камил гьабун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабулеб къокъагун цадахъ ккезареги ва шагьадат насиб гьабеги. Купру-ширк бокьарал, гьезул гIадлу-низамалда разияб агьлоялдаса рикIкIад гьареги. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабизе кколарин абулеб къосараб къавмалдасаги рикIкIад гьареги! Гьаб кинабго гIаламалда кверщел гьабулеб исламияб давлат гIуцIцIулеллъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ гьареги. Гьеб давлат букIине букIин щаклъи гьечIеб амру буго.

Ал-Базарица бицараб сахIихIаб хIадисалда буго: *«Нужер диналъул авал аваразлъи ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмат буго. Гьеб нужеда гьоркьоб Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьарабгIан мехалъ букIина. Цинги гьебги тIаса ун зулмуяб ханлъи букIина (диктатура). Цингиги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьебги тIаса босун Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул суннаталда рекъараб хилапат букIина, гIадамалги исламияб диналда хьвадила. Ракьалъул киналго умматаз гьеб дин къабул гьабила, гьелда зобалазулги ракьазулги агьлу разилъунги букIина. Зодисан балеб цIадги камиларо, ракьалдаса щолел нигIматалги камиларо»*-абун.

ИншаАллагьу, гьаб ахиралда бицараб заман жиб бачIине бугеб буго. Гьелъие далилги буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи: «Дица гьезие хIинкъиялда хадуб божилъи кьела»-абураб.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло къеркьолев чиясе жагьилал гIадамаз рекIел бакъвай гьабичIого толаро. Гьеб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нух: хIакъабги батIулабги жо кидаго цоцазде къеркьелеб букIин. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму къадар буго ва гьесул хIалкIолъиялда буго муъминзабазе квербакъи гьаби ва гьел купру-ширкалъул зулмуялдаса хвасар гьарун жиндие гIибадат гьабизе гIодоре риччан, хIалхьезарун тей. Ва амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазда лъазе гьабун буго: «Нужеца Аллагьасул диналъе гIоло хIакъаб жигьад гьабе»-абун. Гьеб амру тIубалездаса вукIине бокьарв чи жагьилал, ахIмакъал, хIинкъарал гIадамазул хабаралъ гуккизе бегьиларо.

لَا تَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مُعْجِزِينَ فِى ٱلْأَرْضِ ۚ وَمَأْوَىٰهُمُ ٱلنَّارُ ۖ وَلَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٥٧﴾

**57. Дуда ракIалда ккоге я гьав авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьал муъминзаби, гьел капурал гIадамал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса рорчIизе ругин абун.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиги букIинарин гьаб ракьалда тIад гьезие гIазаб гьабизе. Жиндие бокьани Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие гьаб дунялалда рукIадго квешаб гIазаб гьабила. **Ахираталда гьел руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго ва гьеб жужахI цIакъ квешаб бакI буго**

**жинда жанир руссизе ва даимго жанир чIезе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لِيَسۡتَـٔۡذِنكُمُ ٱلَّذِينَ مَلَكَتۡ أَيۡمَٰنُكُمۡ وَٱلَّذِينَ لَمۡ يَبۡلُغُواْ ٱلۡحُلُمَ مِنكُمۡ ثَلَٰثَ مَرَّٰتٖۚ مِّن قَبۡلِ صَلَوٰةِ ٱلۡفَجۡرِ وَحِينَ تَضَعُونَ ثِيَابَكُم مِّنَ ٱلظَّهِيرَةِ وَمِنۢ بَعۡدِ صَلَوٰةِ ٱلۡعِشَآءِۚ ثَلَٰثُ عَوۡرَٰتٖ لَّكُمۡۚ لَيۡسَ عَلَيۡكُمۡ وَلَا عَلَيۡهِمۡ جُنَاحُۢ بَعۡدَهُنَّۚ طَوَّٰفُونَ عَلَيۡكُم بَعۡضُكُمۡ عَلَىٰ بَعۡضٖۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلۡأٓيَٰتِۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ٥٨

**58. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеда тIаде рачIине изну тIалаб гьабе абе нужер гъарабашаз ва жал балугълъиялда рахичIел лъималазги сордокъоялда жаниб лъабго гIужалъ. Рогьалил как базегIан цереккун. Къалъул какил гIужалъги. Нуж тIасан ретIел бахъун свак бичизе ва макьу гьабизе регулеб мехалъ. Богол как бан хадурги,** рогьалил как базегIан нуж кьижун рукIунел ва нужерго хъизаналгун рукIунеб гIужалъ.

**Гьаб лъабго гIуж буго нуж гIадамаздаса рахчун рукIунеб ва нужер ретIел бахъун гIаврат цебелъун рукIунеб.**

Гьел гIужазулъ изну тIалаб гьабичIого нужеда тIаде лъугьунгеян лъазабе нужерго лъималазда ва гъарабашазада. Гьел гурел цогидал гIадамал изну босичIого тIаде лъугьине бегьуларо кинабго заманаялъ.

**Гьаб лъабго гIуж гуреб цогидаб мехалъ нужер лъимал ва гъарабашал тIаде рачIанин абун нужее ва гьезие къварилъи гьечIо. Нуж цоцазде тIаде хьвадулел руго, нужер хIажалъабазе гIоло ва гьел гъарабашалги нужее хъулухъалъе рачIулел руго.**

**Гьадин ТIадегIанав Аллагьас нужее баян гьабула жиндир шаргIиял ахIкамал.** Нужеца гьел лъазаризе ва хьвадизаризе. **Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалев вуго лагъзадерие маслахIат бугеб жо. Ва жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго.** Лагъзадерие пайда бугеб хIукму гьабулев вуго.

وَإِذَا بَلَغَ ٱلۡأَطۡفَٰلُ مِنكُمُ ٱلۡحُلُمَ فَلۡيَسۡتَـٔۡذِنُواْ كَمَا ٱسۡتَـٔۡذَنَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمۡ ءَايَٰتِهِۦۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ٥٩

**59. Нужер лъимал балугълъиялда рахараб мехалъ, гьезги изну тIалаб гьабе абе нужеда тIаде рачIине, цогидал гIадамаз изну тIалаб гьабулеб гIадин ва цебе бицун араб хIалалъ. Гьадин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее баян гьабула жиндир шаргIиял хIукмаби. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьарулел тадбиразулъ хIакимияв.**

وَٱلۡقَوَٰعِدُ مِنَ ٱلنِّسَآءِ ٱلَّٰتِي لَا يَرۡجُونَ نِكَاحٗا فَلَيۡسَ عَلَيۡهِنَّ جُنَاحٌ أَن يَضَعۡنَ

**60. Жал херлъун, кIодолъун, росасе иналдаса хьул къотIун гIодор чIарал руччабаца тIасияб ретIел бахъана абун**

ثِيَابَهُنَّ غَيْرَ مُتَبَرِّجَٰتِۭ بِزِينَةٍۖ وَأَن يَسْتَعْفِفْنَ خَيْرٌ لَّهُنَّۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٦٠﴾

**гьезие мунагь гьечIо.** Гьез кIудиял кIазал ва плащал рахъун гьумер ва хIетIе-квер цебе лъезе бегьула. **Жидерго черхалъул берцинлъи бихьизабиялда къасд гьабулеб гьеч1они.**

Гьеб цIакъго сурукъаб пиша букIуна. **Гьел херал руччабацаги,** цогидал гIолохъанал руччабаца гIадинго, **кIазал ран, плащ тIаде ретIун жидер хIетIе-квер бахчани, гьезие лъикIаб буго.** Аллагьасул ﷻ ва аварагасул ﷺ амруялда нахърилълъун чIеялъул ажро букIине гьезие. **ТIадегIанав Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо рагIулев ва лъалев**. Щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жаза букIине буго.

لَّيْسَ عَلَى ٱلْأَعْمَىٰ حَرَجٌ وَلَا عَلَى ٱلْأَعْرَجِ حَرَجٌ وَلَا عَلَى ٱلْمَرِيضِ حَرَجٌ وَلَا عَلَىٰٓ أَنفُسِكُمْ أَن تَأْكُلُوا۟ مِنۢ بُيُوتِكُمْ أَوْ بُيُوتِ ءَابَآئِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أُمَّهَٰتِكُمْ أَوْ بُيُوتِ إِخْوَٰنِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أَخَوَٰتِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أَعْمَٰمِكُمْ أَوْ بُيُوتِ عَمَّٰتِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أَخْوَٰلِكُمْ أَوْ بُيُوتِ خَٰلَٰتِكُمْ أَوْ مَا مَلَكْتُم مَّفَاتِحَهُۥٓ أَوْ صَدِيقِكُمْۚ لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن تَأْكُلُوا۟ جَمِيعًا أَوْ أَشْتَاتًاۚ فَإِذَا دَخَلْتُم بُيُوتًا فَسَلِّمُوا۟ عَلَىٰٓ أَنفُسِكُمْ تَحِيَّةً مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ مُبَٰرَكَةً طَيِّبَةًۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْءَايَٰتِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٦١﴾

**61. Жив унтарав, рекъав, беццав чиясе мунагь-къварилъи гьечIо ва гьезда гIайибги гьечIо жал гъазаваталда инчIого ч1чIанилан абун.** Гьединго гьел цогидал сахал гIадамалгун цадахъ кванида аскIор гIодорчIун квананин абунги гьезда гIайиб гьечIо. **Гьединго нужее мунагь хIакъ гьечIо я гьал гIадамал, нужеца квен кванана абун нужерго рукъзабахъ рукIун, нужер руччабазул ва лъималазул рукъзабахъ рукIун. Гьединго мунагь хIакъ гьечIо нужеца квен кванана абун нужер эбел инсул рукъоса.**

**Нужер ваццазул ва яцазул рукъосаги, нужер эбел-инсул вац-яцазул рукъоса квен кванана абунги. Нужеда божизе гьарун нужехъе кIулал кьун тарал рукъзабахъанги ва нужер гьудулзабазул рукъзабахъанги квен кванани абунги нужее мунагь хIакъ гьечIо. Гьединго нужеца квен кваназе бегьула киналго цадахъ гIодорчIун ва цоцаздаса батIаго чIунги.**

Гьаб ахираб рагIи абиялъе сабаб бицана: Кинанат абулеб кьибилалъул гIарабиязул гIадат букIана цадахъ чи гьечIого кваналареб. Сапаралда вугони варанидул рахьцин гьекъолареб цадахъ чи вукIун гурони. Гьедин квен кваначIого рахь гьекъечIого тIубараб сордо-къоги балаан. Гьеб гIадат хвезабун, цохIого вукIун квен кванаялъул щибго мунагь гьечIеблъи бицун

абураб буго гьаб рагIи. Аварагасул ﷺ суннаталъ баян гьабуна тIолго хъизан цадахъ гIодор чIун кваназе лъикIаб ва баракатаб букIин.

**Нуж рукъор лъугьараб мехалъ, гьенир жанир ругел гIадамазе салам кьун нужеца гьел кIодо гьаре. Гьеб салам кьей Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб, жиндилъ баракат бугеб тахIият (кIодо гьари) буго.** «Нужеда Аллагьасул салам лъеги»-абун дугIа гьаби буго. Нужее дидасан хIинкъи гьечIо абураб магIна буго, жинда гьеб рагIарасул ракIалъе хIалхьей ва рохел щолеб берцинаб рагIиги буго. **Гьадин ТIадегIанав Аллагьас нужее баян гьарула шаргIалъул ахIкамал,** нуж гьезда нахърилълъизе, гьезда гIамал гьабизе **ва нужеда гьел хIукмаби ва гьезул хIикмат бичIизе ва лъазе.**

إِنَّمَا ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ
وَإِذَا كَانُواْ مَعَهُۥ عَلَىٰٓ أَمۡرٖ جَامِعٖ لَّمۡ يَذۡهَبُواْ
حَتَّىٰ يَسۡتَـٔۡذِنُوهُۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَسۡتَـٔۡذِنُونَكَ أُوْلَٰٓئِكَ
ٱلَّذِينَ يُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦۚ فَإِذَا
ٱسۡتَـٔۡذَنُوكَ لِبَعۡضِ شَأۡنِهِمۡ فَأۡذَن لِّمَن
شِئۡتَ مِنۡهُمۡ وَٱسۡتَغۡفِرۡ لَهُمُ ٱللَّهَۚ إِنَّ
ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٦٢

**62. Х1акълъунго Жидер иман камилал, гьелъулъ жал хIалхьарал муъминзаби руго жидеца Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги ﷺ тIубараб, жиндилъ щаклъи гьечIеб х1алалъ иман лъурал. Гьев авараггун ﷺ данделъун, бусурбабазе кIвар бугеб иш тIобалел жал ругеб мехалъ, гьесдаса изну босун гурони гьеб мажлисалдаса нахъе унарел.** Гьаб аят рештIинабуна Хандакъалъул (окопазул) гъазават бугеб мехалъ. Гьел хандакъал рухъулеб бакIалдаса жидер хIажат тIубазе ине изну тIалаб гьабулеб букIана муъминзабаца, мунапикъзаби щибго изну тIалаб гьабичIого унел рукIана. Гьел муъминзабазе рецц гьабун ва мунапикъзабазда гIайиб чIван рештIинабуна гьаб аят.

**Х1акълъунго Дудасан изну тIалаб гьабулел гIадамал руго жидеца Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда ﷺ иман лъурал. Жидер цо хIажаталъе гIоло гьез дудаса изну тIалаб гьабураб мехалъ дуе бокьарав чиясе изну кье ва Аллагьасда ﷻ гьаре гьезул мунагьал чуре абун. ХIакълъунго Аллагь вуго жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев.**

لَّا تَجۡعَلُواْ دُعَآءَ ٱلرَّسُولِ بَيۡنَكُمۡ كَدُعَآءِ
بَعۡضِكُم بَعۡضٗاۚ قَدۡ يَعۡلَمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ
يَتَسَلَّلُونَ مِنكُمۡ لِوَاذٗاۚ فَلۡيَحۡذَرِ ٱلَّذِينَ
يُخَالِفُونَ عَنۡ أَمۡرِهِۦٓ أَن تُصِيبَهُمۡ فِتۡنَةٌ
أَوۡ يُصِيبَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٦٣

**63. Аллагьасул расуласда ﷺ нуж ахIдоге нужеца цояз цоязда ахIулеб гIадин.** Гьесул цIаралдалъун ахIуге. Я расулуллагь ﷺ, я набияллагь абун ахIе. Гьесул къадро кIодо гьабун, гьесул адаб гьабун ахIе. **ТIадегIанав Аллагьасда ﷻ лъала нужер цо**

**къокъа цоял цоязда нахъаги рахчулаго жамагIаталда гьоркьоса нахъе унел рукIин.**

**Расуласул ﷺ амруялда хилиплъи гьабулел гIадамал хIинкъе абе жидеда дунялалдаго цо питна-балагь щвеялдаса** гьезул рек1елъ купру, ширк, бидг1а лъугьиналдаса, **яги ахираталда жинца унтизабулеб жужахIалъул гучаб гIазаб щвеялдаса.**

أَلَآ إِنَّ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ قَدۡ يَعۡلَمُ مَآ أَنتُمۡ عَلَيۡهِ وَيَوۡمَ يُرۡجَعُونَ إِلَيۡهِ فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُواْۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمُۢ ٦٤

**64. Нужеда лъай, я гьал гIадамал, ТIадегIанав Аллагьасул мулк ва гьесул махлукъат букIин зобал ракьалги ва гьезда жаниб бугеб жоги. Гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала нужеца гьабулеб кинабго гIамал**, нужеца бицулеб рагIиги ва нужер рекIел пикрабиги. Нужер иман лъурал ва мунапикълъи гьабулелги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ.

**Къиямасеб къоялъ гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ руссинарула киналго гIадамал ва гьез дунялалда гьабураб кинабго гIамал жидеда бицула;** гьезул гIамал хъварал кагътал кодоре кьола ва жидер гIамалалда рекъараб жазаъги гьабула. **ХIакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда кинабго жо лъалев вуго.** Кинабго гIалам гьесул махлукъат бугелъул, гьелда жаниб гьесдаса балъго щибго жо лъугьуларо.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату-Ннуралъул таржама ва тафсир хъван тIубана.
Кинабго реццги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 25. Суратул Фуркъан

سُورَةُ الفُرْقَانِ

*Маккаялда рештІинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцІила анкьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталъ исламияб гІакъидаялъул масъалаби рицунел руго, хирияв аварагасда ﷺ ва Къуръаналда сверухъ Маккаялъул мушриказ рижизарулел рукІарал шубгьаязул ва щакдариязул бицунеб буго. Хирияв аварагасул ﷺ рисалат ва гьеcда рештІинабураб Къуръан ритІухъ гьабулел далилалги рачун руго. Умматалъе вагІзалъун рукІине цересел умматазулги, гьезда ритІарал аварагзабазулги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисаби рицун руго.*

*Гьаб сураталда цІар тун буго «Алфуркъан» абун. Гьеб буго хирияб Къуръаналда лъурал цІараздаса цо цІар. Гьелъул магІнаги буго «жинца хІакъабги батІулабги жо батІа гьабулеб», «хІалалаб ва хІарамаб жо батІа гьабулеб», «купруги иманги батІа гьабулеб»-абун. Гьаб сураталда жаниб Къуръаналъул бицен гьабун бугелъул лъуна сураталда гьеб цІар.*

*Мушриказдаса иман лъун рукІун хадурги муртадлъарал ГІукъбат ибну АбумугІитІил ва Убай ибну Халафил хабарги бицун буго. Гьединго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукІиналда, гьесул къудрат-гуч кІудияб букІиналда тІоритІел гьабулел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъаталъул гІажаибал умуралги баян гьарун руго. Сураталъул ахиралда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разиял муъминзабазул сипатал рицун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие ахираталда хІадурун ругел алжаналъул нигІматал ва кІудияб рохел баян гьабун буго.*

***Жив гурхІулев, гурхІел гІамав Аллагьасул цІаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

تَبَارَكَ الَّذِي نَزَّلَ الْفُرْقَانَ عَلَىٰ عَبْدِهِ لِيَكُونَ لِلْعَالَمِينَ نَذِيرًا ﴿١﴾

**1. Жиндир баракат гІемерав, жив ТІадегІанав ва къадро гуч бугев вуго жинца хІакъабги батІулабги жо батІа гьабулеб хирияб Къуръан жиндир лагъ МухІаммадида ﷺ рештІинабурав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Кинабго гІаламалъе жужахІалъул гІазабалдалъун хІинкъи кьолевлъун вукІине гІоло рештІинабуна гьесда Къуръан,** Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, гьесдехун ширк гьабурал, авараг ва ахират гьереси гьабурал гІадамазе жужахІалъул гІазаб букІине буго

абун хIинкъи кьолев, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабазе алжаналъул нигIмтал рукIине ругилан рохелги бицунев.

ٱلَّذِى لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَلَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ شَرِيكٌ فِى ٱلْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَىْءٍ فَقَدَّرَهُۥ تَقْدِيرًا ﴿٢﴾

**2. Зобалазул ва ракьазул ханлъи жиндие бугев вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ. **Жинца хъизан лъимал кквечIев ва жиндие гIахьалчи гьечIевги вуго. Ва жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьлъун вукIиналъулъ жиндие гIахьал чи гьечIев вуго. Жинца кинабго жо бижарав, гьелъул къадар чIезабулев ва гьеб бижин мухIкан гьабун, гьелъул тадбир гьаби камил гьабуравги вуго.**

وَٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ ءَالِهَةً لَّا يَخْلُقُونَ شَيْـًٔا وَهُمْ يُخْلَقُونَ وَلَا يَمْلِكُونَ لِأَنفُسِهِمْ ضَرًّا وَلَا نَفْعًا وَلَا يَمْلِكُونَ مَوْتًا وَلَا حَيَوٰةً وَلَا نُشُورًا ﴿٣﴾

3. **Аллагьасдехун ширк гьабулел гIадамаз жидее алагьзабилъун** хъанчал ва суратал (статуяби) ккуна. **Гьел алагьзаби руго жидеда щибго жо бижинабизе кIоларел, жалго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **рижарал ва инсанасул квералъ гьарурал рухI гьечIел, гIакъло гьечIел, гьунар гьечIел жал. Гьел хъанчал руго жидерго напсазе щибго лъикIлъи яги квешлъи гьабизе кIоларел, жидеда цониги рухI бугеб жо хвезабизе ва чIаго гьабизе кIоларел, ахираталда гьел тIаде рахъинаризеги кIоларел.**

Гьаб кинабго иш гьабулев, кинабго жо жинца бижарав ва хвезабулев, жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун, щибго гьунар гьечIел хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамал руго гьел мушрикал ва гьеб иш цIакъ ахIмакъаб иш буго.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِنْ هَٰذَآ إِلَّآ إِفْكٌ ٱفْتَرَىٰهُ وَأَعَانَهُۥ عَلَيْهِ قَوْمٌ ءَاخَرُونَ فَقَدْ جَآءُو ظُلْمًا وَزُورًا ﴿٤﴾

**4. Маккаялъул капурзабаца абулеб буго: «Гьаб Къуръан бугин МухIаммадица** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **ургъараб гьересияб хабар. Гьеб ургъизе гьесие цоги къавмалъ кумекги гьабун бугин»-абун.**

Жидехъ тIехь рештIинабурал ягьудиязул, насраниязул гIадамаз кумек гьабун бугин Къуръан ургъизеян абуна гьел къурайшиял мушриказ. **Гьез бицунеб жо цIакъ кIудияб гьереси ва бугьтан буго.** ПасихIал гIарабиял жинда къец гьабун бергьунареб Къуръан гIарабиял гурел

гIадамаз кин ургъилеб?.

**5. Цогиги гьел капурзабаца абуна ццересел умматазул гьересиял къисаби ругин гьеб Къуръан, МухIаммадица ﷺ жиндие хъваян амру гьабун, цоги гIадамаз гьесие хъван данде гьарурал.**

وَقَالُوٓاْ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٱكۡتَتَبَهَا فَهِيَ تُمۡلَىٰ عَلَيۡهِ بُكۡرَةٗ وَأَصِيلٗا ۝٥

**Гьев МухIаммадие ﷺ гьел къисаби къасиги къадги цIалун, рицун, гьес рекIехъе лъазарулелги ругин абуна.** Гьаб гьереси бицунезул цевехъан Ан-назар ибну ХIарис абулев мушрик вукIана. Гьез бицунеб жо батIулаб букIин бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**6. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб Къуръан рештIинабуна зобалаздаги ракьалдаги бугеб бальгояб жо жинда лъалев Аллагьас ﷻ.**

قُلۡ أَنزَلَهُ ٱلَّذِي يَعۡلَمُ ٱلسِّرَّ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ إِنَّهُۥ كَانَ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ۝٦

Гьесул хIалкIолъиги гучаб буго, гIелму лъайги кутакаб буго. Гьесда щибго жо бальго хутIуларо ва гьел нужер гьересиял харбалги Аллагьасда ﷻ лъала.

**ХIакълъунго гьев Аллагь жив цIакъ гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.** Нуж гIакъуба-гIазаб гьабичIого нахъе рахъун тейги гьев Аллагьсул ﷻ гурхIел цIоб кIудияб букIиналъул гIаламат буго»-абун.

**7. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, авараг гьереси гьавулел капурзабаца абуна: «Гьав расуласул хIал щиб бугеб жив базаралда хьвадулев ва гIадамалгун цадахъ тIагIам кваналевлъунги вугев** гьадинав чийищ авараг ﷺ вукIунев, я малаиклъун гьечIев жиндие квен лъим хIажалъуларев, яги ханлъунги гьечIев жив рукъов гIодов чIун вукIунев ва жиндир хIажатазулъ цоги гIадамал хьвадулев. Гьаб буго мушриказ авараг ﷺ махсароде гьавун бицунеб хабар. Цогиги мушриказ абулеб буго: **Аллагьас ﷻ гьев ритIухъав авараг ﷺ вугин нугIлъи гьабизе ва живги авараглъун вукIизе малаик рештIизавун вукIаравани.**

وَقَالُواْ مَالِ هَٰذَا ٱلرَّسُولِ يَأۡكُلُ ٱلطَّعَامَ وَيَمۡشِي فِي ٱلۡأَسۡوَاقِ لَوۡلَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مَلَكٞ فَيَكُونَ مَعَهُۥ نَذِيرًا ۝٧

**8. Яги гьесие зодисан гIодобе хазина рештIизабун букIарабани, гьев базаралда инзе ккечIого вукIизе ва бечедавлъун вукIизе. Яги гьесие бечедаб ах букIараб**

أَوۡ يُلۡقَىٰٓ إِلَيۡهِ كَنزٌ أَوۡ تَكُونُ لَهُۥ جَنَّةٞ يَأۡكُلُ مِنۡهَاۚ وَقَالَ ٱلظَّٰلِمُونَ إِن تَتَّبِعُونَ إِلَّا رَجُلٗا مَّسۡحُورًا ۝٨

**ани жинца гьениса батIи-батIияб тIагIам ва пихъ кваналеб»-абун.**

**Аварагасда ﷺ иман лъурал гIадамазда, гьел купру-ширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулеб къавмалъ абуна: «Нуж нахърилълъарав чи вуго жундуца ккурав, жиндие сихIру гьабун гIадаллъизавурав чи»-абун.**

**9. Мун валагьеха МухIаммад ﷺ ва дуца пикру гьабе гьеб капураб къавмалъ чан батIияб мисал бачун мун гьересиявлъун гьавулев вугев! Гьаб иш сабаблъун жалго къосараллъун руго гьел ва гьезда битIараб нухги хIакъаб динги батулеб гьечIо ва лъалеб гьечIо.**

ٱنظُرۡ كَيۡفَ ضَرَبُواْ لَكَ ٱلۡأَمۡثَٰلَ فَضَلُّواْ فَلَا يَسۡتَطِيعُونَ سَبِيلٗا ٩

**10. Аллагь ﷻ баракат гIемерав ва ТIадегIанав вуго, жиндие бокьани гьел мушриказ абулеб хазинаялдасаги, ах-хуралдасаги лъикIаб ва гIемераб жо дуе кьезе кIолев вуго.**

تَبَارَكَ ٱلَّذِيٓ إِن شَآءَ جَعَلَ لَكَ خَيۡرٗا مِّن ذَٰلِكَ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ وَيَجۡعَل لَّكَ قُصُورَۢا ١٠

**Жидер пихъал гIемерал, жидеда жаниса гIорал-лъимал чваххулел ахал кьелаан Аллагьас ﷻ дуе ва гIарац меседалъ къачIарал кIудиял кIалгIабиги кьелаан.**

Шайх Задаца Аз-захIакидаса бицана: «Маккаялъул мушрикаца Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг пакъирав вуго абун гьесда тIад махсараби гьарун харбал рициндал, гьев авараг ﷺ цIакъ пашманлъана ва жинда тIад къараб рисалат тIобитIизе кIоларо абун ракI къварилъун лъугьана. Гьесие рекIел гьей гьабизе, гьесул ракI гIодобе биччазабизе Жабраил малаик вачIун гьесда аскIов вукIадго зодиса цо рагьо рагьана ва Жабраил малаикас абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Дуе рохел буго! Гьав вуго Ризван малаик, алжаназул хазиначи. Гьев духъе вачIун вуго Аллагьасул ﷻ разилъи босун»-абун. Цинги Ризван малаикас гьезие саламги кьун, абуна: «ТIадегIанав Аллагьас дуе ихтияр кьун буго дуца тIаса бищизе авараглъи ва ханлъи дуе букIине яги авараглъунги лагълъунги мун вукIине»-абун. Гьев Ризванида кодор жидеца нур базабун кенчIолел ракьалда тIад ругел киналго хазинабазул кIулалги рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца мушавара гьабулев гIадин Жабраил малаикасда валагьана. Жабраилас гьесие ишара гьабуна Аллагьасе ﷻ хIелун, гIодогIанлъун вукIин лъикI бугин абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дица лагълъунги аварагльунги вукIине тIаса бищана»-абун. Гьелдаса

хадув авараг ﷺ хьибил чIван кваналев вукIинчIо. Ай чIухIараб хIалалъ гIодов чIолев вукIинчIо»-абун.

**11. Гьел мушрикаца ахират букIинги гьереси гьабулеб буго. Гьеб къиямасеб къо гьереси гьабурал гIадамазе дица цIакъ гучаб гIазаб хIадурун буго.**

بَلْ كَذَّبُوا۟ بِٱلسَّاعَةِ ۖ وَأَعْتَدْنَا لِمَن كَذَّبَ بِٱلسَّاعَةِ سَعِيرًا ﴿١١﴾

Гьаб аяталъул магIна буго: мушрикаца Аллагьасда ﷻ инкар кквеялъеги, гьез мун гьереси гьавиялъеги сабаб буго гьез ахираталда иман лъолеб гьечIеблъи, гьениб хIисаб- мизан ва жазаъ букIиналда гьез инкар кколеб букIинги. Къиямасеб къо бачIинги хIакъаб амру бугин ва гьениб капурзабазе гучаб гIазабги гьабизе бугилан лъазабулеб буго БетIергьан Аллагьас ﷻ гьеб квешаб къавмалда.

**12. Жал гьеб жужах1алда рик1адасанго рихьараб мехалъ, гьезда рагIула гьелъул ц1акъ ццим бахъараб гьаракь.**

إِذَا رَأَتْهُم مِّن مَّكَانٍۭ بَعِيدٍ سَمِعُوا۟ لَهَا تَغَيُّظًا وَزَفِيرًا ﴿١٢﴾

ЖужахIалъул цIаялъул гьалдолеб гьаракь буго гьагIулеб хIамил гIадаб, ццим бахъун гьалаглъарав чиясул каранзул гьаракь гIадаб.

**13. Цинги гьел мушрикал жужахIалда жанире реххун гьенир къваридаб бакIалда ккезаридал, жидер кверал гудур бан габуралдаги рухьиндал, гьел жидеда бугеб къварилъи бицун ахIдолел рукIула: «Вай нижер гьалаглъи, вай нижее бугеб гIазаб»- абун.**

وَإِذَآ أُلْقُوا۟ مِنْهَا مَكَانًا ضَيِّقًا مُّقَرَّنِينَ دَعَوْا۟ هُنَالِكَ ثُبُورًا ﴿١٣﴾

**14. Гьезда жужахаIалъул забаниятаца абула: «Нужеца жакъа цо нухалъ ахIуге «Вай нижер гьалаглъи»-абун. Гьеб нужеца гIемер нухалъ ахIе.**

لَّا تَدْعُوا۟ ٱلْيَوْمَ ثُبُورًا وَٰحِدًا وَٱدْعُوا۟ ثُبُورًا كَثِيرًا ﴿١٤﴾

Нужее бугеб гIазаб цIакъ гучаб буго ва гьеб гIазаб нужеда тIасан ине гьечIо ва нужер ахIиялъе жавабги кьезе гьечIо.

**15. Дуца гьел капурзабаде абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб квешаб жужахIалъул гIазабищ лъикIаб бугеб, яги Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал муъминзабазе къотIи гьабураб, даимго жинда жанир чIолеб нигIматазул алжанищ лъикIаб бугеб?»-абун.**

قُلْ أَذَٰلِكَ خَيْرٌ أَمْ جَنَّةُ ٱلْخُلْدِ ٱلَّتِى وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ ۚ كَانَتْ لَهُمْ جَزَآءً وَمَصِيرًا ﴿١٥﴾

**Гьеб алжан буго дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалда данде**

**бугеб жазаъ ва гьеб буго муъминзаби жанир русунеб бакI.**

**16. Гьел муъминзабазе алжаназда жаниб бокьанщинаб нигIмат букIизе буго ва гьел даимго гьенир рукIизе руго.** لَّهُمْ فِيهَا مَا يَشَآءُونَ خَٰلِدِينَ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ وَعْدًا مَّسْـُٔولًا ﴿١٦﴾

**Гьаб къотIиги буго МухIаммад** ﷺ**, дур БетIергьан Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир напсалда тIаде босараб, жиндаса гьикъизе бегьулеб ва жиб гьаризе бегьулеб.**

**17. Гьеб къиямасеб къо буго жиндилъ кинабго халкъ данде гьабулеб ва мушрикаца алагьзабилъун ккурал хъанчал ва цогидал жалги данде гьарулеб.** وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ فَيَقُولُ ءَأَنتُمْ أَضْلَلْتُمْ عِبَادِى هَٰٓؤُلَآءِ أَمْ هُمْ ضَلُّوا۟ ٱلسَّبِيلَ ﴿١٧﴾

Малаикзаби рукIа, ГIиса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ, ГIузайр авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вукIа ва цоги щив вугониги гIадамаз жив кIодо гьавун Аллагьасдехун جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабурав чиги данде гьарулеб къо буго гьеб. **ТIадегIанав Аллагьас жидее лагълъи гьабурал жалазда гьикъула: «Нужецайищ дир лагъзал къосизарурал, яги гьел жалгойищ къосарал рукIарал?-абун.**

**18. Жидее лагълъи гьабурал жалаца абула: «Мун вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! Нижее рекъараб гьечIо мунги живго тун цоги гьудулзаби ккезе ва гьезие лагълъи гьабизе. Гьал лагъзал дуца нигIматал кьун хьихьидал, гьезул умумулги гьелги рахIат- лазаталдаги тедал, гьезда мун рехсей ва дуе гIибадат гьаби кIочана ва жал гьалаглъараб къавмлъун лъугьана»-абун.** قَالُوا۟ سُبْحَٰنَكَ مَا كَانَ يَنۢبَغِى لَنَآ أَن نَّتَّخِذَ مِن دُونِكَ مِنْ أَوْلِيَآءَ وَلَٰكِن مَّتَّعْتَهُمْ وَءَابَآءَهُمْ حَتَّىٰ نَسُوا۟ ٱلذِّكْرَ وَكَانُوا۟ قَوْمًۢا بُورًا ﴿١٨﴾

Гьезда тIадаб букIана дур нигIматазда щукру гьабизе ва дуе рецц гьабун, мун разилъи тIалаб гьабун тIагIат-гIибадат гьабизе. Амма гьел щайтIаналъ гуккана, жидерго напсалда нахърилълъана ва дуе гьабизе хIакъаб гIибадат кIочон, мун гуресе лагълъи гьабуна.

19. ТIадегIанав Аллагьас жидеца лагълъи гьабураздехун абула: **«ХIакълъунго нуж гьереси гьарунаха нужеца жидее лагълъи гьабурал алагьзабаца. Гьез къосизарунин нуж гьезие гIибадат гьабизе тIамун, абураб нужер хIужаги гIададе хвана.** فَقَدْ كَذَّبُوكُم بِمَا تَقُولُونَ فَمَا تَسْتَطِيعُونَ صَرْفًا وَلَا نَصْرًا وَمَن يَظْلِم مِّنكُمْ نُذِقْهُ عَذَابًا كَبِيرًا ﴿١٩﴾

**Гьанже нужер хIал кIоларо гьеб гIазаб нахъчIвазе ва нужер гьелдаса рорчIизе бакI гьечIо. Жидеца ширк гьабурал гIадамазда дица цIакъ кIудияб гIазаб чIамизабизе буго»-абун.**

وَمَآ أَرۡسَلۡنَا قَبۡلَكَ مِنَ ٱلۡمُرۡسَلِينَ إِلَّآ إِنَّهُمۡ لَيَأۡكُلُونَ ٱلطَّعَامَ وَيَمۡشُونَ فِي ٱلۡأَسۡوَاقِۗ وَجَعَلۡنَا بَعۡضَكُمۡ لِبَعۡضٖ فِتۡنَةً أَتَصۡبِرُونَۗ وَكَانَ رَبُّكَ بَصِيرٗا ٢٠

**20. Дуда цереги дица аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ритIичIо МухIаммад** ﷺ**, х1акълъунго жал базаралдаги, къватIахъеги хьвадулеллъун ругел гурони ва жидеца тIагIам кваналеллъун ругел гурони.**

Маккаялъул мушриказ абухъе малаикзаби ритIичIо дица аварагзабилъун. Щибаб къавмалда гьезда гьоркьоса чи витIула гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялде ахIизе. **Дица дир лагъзал гьарун руго цоял цоязе питналъун ва хIалбихьилъун.** Цоял бечедал цоял мискинал гьарун, цоял тIадегIанал цогидал гIодорегIанал гьарун. Цоял унтарал, цогидал сахаллъун гьарун. Гьаб амру гьадин гьабиялъул хIикматги буго: **гьел лагъзадерица сабру гьабуладай ва гьезие дун жидер БетIергьан вукIин лъаладай абун хIалбихьи гьаби**. Дида иман лъуралги инкар ккуралги гIадамал загьир гьари.

**Дур БетIергьан Аллагь жинда бихьулев вуго МухIаммад** ﷺ**, лагъзадерил ахIвалал, загьиралги батIиналги.** Гьаб хIалбихьи гьабиялдалъун гьесул мурад букIуна гьел лагъзадерида жидедаго загьир гьаби гьезул иманги купруги ва гьелда данде ахираталда жазаъ гьабулеб мехалъ лагъзадерил щибго хIужа-далил букIун гутIи, жидее зулму гьабулеб бугин абизе.

۞ وَقَالَ ٱلَّذِينَ لَا يَرۡجُونَ لِقَآءَنَا لَوۡلَآ أُنزِلَ عَلَيۡنَا ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ أَوۡ نَرَىٰ رَبَّنَاۗ لَقَدِ ٱسۡتَكۡبَرُواْ فِيٓ أَنفُسِهِمۡ وَعَتَوۡ عُتُوّٗا كَبِيرٗا ٢١

**21. Дида иман лъоларел, ахират букIинги гьереси гьабун, гьенир дида данде чIвазе гьечIин абулел мушрикаца абулеб буго: «Нижеда малаикзаби рештIизарун рукIаралани, МухIаммад** ﷺ **авараглъун вукIин ритIухъ гьавизе.**

**Яги нижее БетIергьан вихьулевани, гьес жинцаго бицине»- абун. Х1акълъунго Гьеб буго мушриказул гIамал кIодолъиялъул ва купруялъул гIорхъолъан ин.**

Гьезие иман лъезе гIурал мугIжизатал рукIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезда рихьизарун, амма гьел иман лъезе къваригIарал гьечIо ва гьез тIалаб гьабулел жал руго жидер ахIмакълъи бихьизабулел. **Жидерго напсал кIодолъун рихьун, гьел чIухIун руго ва гIорхъолъан рорчIун**

**зулмуялъулъ ва купруялъулъ тIерхьун руго.**

يَوْمَ يَرَوْنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ لَا بُشْرَىٰ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُجْرِمِينَ وَيَقُولُونَ حِجْرًا مَّحْجُورًا ٢٢

**22. Жидер рухIал росизе рачIунел малаикзаби мушриказда рихьараб къоялъ, гьезие щибго рохел букIуларо.**

Гьеб къоялъ лъала гьезда жидеца гьабураб купру-ширкалъул ва зулмуялъул жазаъ жидее гьабизе букIин. **Малаикзабацаги, гьезул ракI бекизабун, гьезда абула: «Нужее хIарамаб буго алжанги, рохелги ва мунагьал чуриги. Нужее Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жужахIалъул цIа хIадурун буго ва гьеб жужахIалъул рохел буго нужее»- абун.**

Гьезул рухI бахъулеб мехалъ малаикзабаца абула: «Мун къватIибе бахъа гьаб чорокаб рухI чорокаб къаркъалаялдаса»-абун. Цинги гьеб рухI чорхолъан къватIибе бахъизе хIинкъун чIола ва малаикзабаца маххул гьецIокъал кьабун гIазаб гьабун, къватIибе кIанцIизабула. Муъминзабазул рухI босулел малаикзабаца гьезда алжаналъул рохел бицула ва щибго захIмалъи гьечIого гьезул рухIги босун уна.

وَقَدِمْنَآ إِلَىٰ مَا عَمِلُوا۟ مِنْ عَمَلٍ فَجَعَلْنَٰهُ هَبَآءً مَّنثُورًا ٢٣

**23. Гьел капурзабаца гьабураб лъикIаб гIамалги Дица, щибго мунпагIат гьечIеб хIурлъун гьабун, гIадада хвезабула:**

Жидеца иман лъечIого гьабураб гIамалалъул гьезие ахираталъе мунпагIат букIуларо. Капурзабаца гьабураб садакъа-хайрат ва цогидабги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъаталъе мунпагIат бугеб лъикIаб гIамалалъе дунялалдаго жазаъ гьабун букIула: гьезие сахлъи кьун, лъимал-хъизан кьун ва дунялалъул балагьаздаса цIунун.

أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ يَوْمَئِذٍ خَيْرٌ مُّسْتَقَرًّا وَأَحْسَنُ مَقِيلًا ٢٤

**24. Жал алжаналъул бетIергьабилъун ругел муъминзаби гьеб къоялъ жидер чIолеб бакI цIакъ лъикIал руго ва жидеца хIалхьи гьабулеб къалъул гIуж цIакъ берцинал руго.**

ИбнумасгIудица абуна: къиямасеб къоялъ цо къо къалъизегIан заманаяда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIисаб-мизан гьабун, алжаналъул агьлу алжаналда ва жужахIалъул агьлу жужахIалда лъугьизабула»-абун. Гьаб магIна буго хирияб аяталъул: «Къалъул гIуж цIакъ берцинал руго»»-абураб: Жидер хIисаб мизан гьабун, жидее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи щун, жал алжаналда лъугьизарулеб гIуж бугелъул гьеб къалъул гIуж.

وَيَوْمَ تَشَقَّقُ ٱلسَّمَآءُ بِٱلْغَمَٰمِ وَنُزِّلَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ تَنزِيلًا ٢٥

**25. Гьеб къиямасеб къо буго зобалги накIкIалги цадахъго рихъун, хъвалхьун унеб ва малаикзаби ракьалда**

**рештIун махIшаралда халкъалда сверун лъугьунеб, жиндир захIмалъи ва къварилъи кIудияб къо.**

**26. Гьеб къоялъ кинабго ханлъи ва кIодолъи цохIо жив гурх1улев Аллагьасе** ﷻ **буго ва гьеб къо буго капурзабазе цIакъ захIматаб ва хIинкъараб къо.** Къиямасеб къоялъ дунялалда чIухIун рукIарал ханзабиги, къуват-гучалда рукIарал залимзабиги цIакъ хIелун, гIодогIанлъун рукIуна, гьел киналго цохIо БетIергьан Аллагьасда цере чIола ва гьесул гурони хIукму гьаби ва жазаъ гьаби гьеб къоялъ букIуларо.

ٱلۡمُلۡكُ يَوۡمَئِذٍ ٱلۡحَقُّ لِلرَّحۡمَٰنِۚ وَكَانَ يَوۡمًا عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ عَسِيرٗا ﴿٢٦﴾

Гьеб къо капурзабазе захIматаб бугин абиялдаса мурад буго муъминзабазе Аллагьас ﷻ гьеб къо бигьа гьабулеб букIин ва гьезда гьелъул къварилъи щолареб букIинги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Аллагьас* ﷻ *гьеб къо муъмиинчиясе бигьа гьабула жинца дунялалда цохIо паризаяб как балаго унеб гIадаб заман бугин абун гьесда ракIалда кколеб хIалалъ»*-абун. Х1адис има Ах1мадица бицана.

Аллагьас ﷻ нилъее насиб гьабеги гьеб бигьалъи ва жив разилъи.

**27. Дуца ракIалде щвезабе МухIаммад** ﷺ**, дунялалда залимавлъун вукIарав купручияс жиндирго кверал хIанчIулеб къиямасеб къо.**

وَيَوۡمَ يَعَضُّ ٱلظَّالِمُ عَلَىٰ يَدَيۡهِ يَقُولُ يَٰلَيۡتَنِي ٱتَّخَذۡتُ مَعَ ٱلرَّسُولِ سَبِيلٗا ﴿٢٧﴾

**Гьев капурчиясги абулеб: «Вай дир Аллагь** ﷻ**! Дун аварагасда нахъвилълъун вукIаравани ва гьевгун цадахъ Аллагь** ﷻ **цо гьавун хьвадун вукIаравани,** жакъа гьаб гIазабалда дун вукIилароан!

**28. Вай дие бугеб къварилъи! Дица пуланав чи гьудуллъун ккун вукIинчIевани!**

يَٰوَيۡلَتَىٰ لَيۡتَنِي لَمۡ أَتَّخِذۡ فُلَانًا خَلِيلٗا ﴿٢٨﴾

**29. Х1акълъунго гьев чияс дун хIакъаб нухалдаса къосизавуна, дун гьеб нухда лъугьун вукIун ва дида гьеб лъан букIун хадуб»-абун.**

لَّقَدۡ أَضَلَّنِي عَنِ ٱلذِّكۡرِ بَعۡدَ إِذۡ جَآءَنِيۗ وَكَانَ ٱلشَّيۡطَٰنُ لِلۡإِنسَٰنِ خَذُولٗا ﴿٢٩﴾

**ХIакълъунго щайтIан жинца инсан къосизавулеб ва щибго кумек гьабичIого гьев инсан толеб буго.** Инсан къосизавизе щайтIаналъ гIемераб жо къотIи гьабула, амма гьев гIазабалда ккараб мехалъ щайтIан гьесдаса рикIкIалъула ва жиндир къотIиги тIубазабуларо.

Гьаб лъабго аят (27,28,29) рештIинабиялъе сабаб бицана: ГIукъбат ибну абу МугIитI абулев чияс цо бертин гьабун квен-тIех хIадурун букIана ва гьеб бертиналда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагги ахIун вукIана. Квен цебе бачIун гьеб кваназе мех щведалго, аварагас ﷺ абуна: «Дица гьаб квен кваназе гьечIо дуца дун Аллагьасул расул вуго абун нугIлъи гьабун гурони»-абун. Цинги гьев ГIукъбатица шагьадат битIун, МухIаммад ﷺ Аллагьасул ﷻ расул вуго абун нугIлъи гьабуна ва аварагас ﷺ гьеб квенги кванана.

Гьаб хабар щвана Убаю ибну КагIбо абулев квешав мушрикасда, жив ГIукъбатил гьудуллъун вукIарав ва гьес абуна: «Мун умумузул диналдаса вуссун вуго»-абун. ГIукъбатица абуна: «Дун гьеб диналдаса вуссун гьечIо. Киниги гьев къадро кIудияв чи (МухIаммад) дихъе вачIиндал ва гьес дир тIагIам кваназе инкар гьабидал гьев Расулуллагь ﷺ вуго абун дица нугIлъи гьабун гурони, дица гьеб нугIлъи гьабуна»-абун. Убаю ибну КагIбица абуна: «Дир гьумер дур гьумералъе бихьизе дица хIарам гьабулеб буго, дуда МухIаммад вихьараб мехалъ дуца гьесда хIацIу тучIони ва дуца гьесда рогьоб бан квешал рагIабиги абичIони»-абун. Аллагьасул ﷻ тушман ГIукъбатица жиндир гьудул Убайица малъараб жо гьабуна, жив аварагасда ﷺ иман лъеялдасаги вуссана. ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIакъалъулъ гьал аяталги рештIизаруна.

وَقَالَ ٱلرَّسُولُ يَٰرَبِّ إِنَّ قَوْمِى ٱتَّخَذُوا۟ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانَ مَهْجُورًا ﴿٣٠﴾

**30. Аллагьасул расулас ﷺ абуна: «Я дир БетIергьан! Х1акълъунго дир къавмалъ гьаб Къуръан ккун буго жиб мугъалда нахъ рехараб, жинда гIамал гьабулареб жолъун.**

Дида гьел мутIигIлъулел гьечIо, дир рисалатги гьереси гьабулеб буго»-абун. Хирияв аварагасе ﷺ жаваб гьабун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго.

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِىٍّ عَدُوًّا مِّنَ ٱلْمُجْرِمِينَ ۗ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ هَادِيًا وَنَصِيرًا ﴿٣١﴾

**31. Гьедин Дица киналго аварагзабазе عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер къавмалда гьоркьоса тушбаби гьаруна ва гьел аварагзабацаги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ сабру гьабуна.**

Дуцаги сабро гьабе МухIаммад ﷺ. **Дуе дур БетIергьан Аллагь гIезе вуго жинца мун хIакъаб нухалда тIовитIун гьелда чIезавулевлъун ва дуе квер бакъулевлъун.** Дуца кIвар гьабуге дудехун тушманлъи гьабулел гIадамазул. Дица дуда тIад къараб

рисалат умматалъухъе щвезабе.

**32. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал ва авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьереси гьавурал гIадамаз абулеб буго: «Гьев аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Къуръан цохIо нухалъ, цадахъго рештIинабун букIарабани»-абун.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَوۡلَا نُزِّلَ عَلَيۡهِ ٱلۡقُرۡءَانُ جُمۡلَةٗ وَٰحِدَةٗۚ كَذَٰلِكَ لِنُثَبِّتَ بِهِۦ فُؤَادَكَۖ وَرَتَّلۡنَٰهُ تَرۡتِيلٗا ٣٢

Мусада عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Таврат рештIинабураб гIадин, Г1исада عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Инжилги рештIинабураб гIадин. **Дица гьеб Къуръан дуда рештIинабуна МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, бикь-бикьун, хIажат бихьухъе, гьелдалъун дур ракI парахатлъун букIине.** Дуе жиб рекIелъ цIунизе бигьаяб букIине ва гьелда гIамал гьабизеги бигьаяб букIине. **Гьеб Къуръан цIакъ берцинаб, пасихIаб хIалалъ дуе баянги гьабуна.**

**33. Гьел капурзабаца дуде къец гьабун цо рагIи бицараб мехалъ, дица дуде хIакъаб рагIи рештIине гьабула ва гьезул рагIи батIул гьабулеб берцинаб баянги гьабула.**

وَلَا يَأۡتُونَكَ بِمَثَلٍ إِلَّا جِئۡنَٰكَ بِٱلۡحَقِّ وَأَحۡسَنَ تَفۡسِيرًا ٣٣

**34. Гьел мушрикал руго къиямасеб къоялъ жидер гьумералда хъурщулаго тIаде рахъинарун жужахIалда рачун унел.**

ٱلَّذِينَ يُحۡشَرُونَ عَلَىٰ وُجُوهِهِمۡ إِلَىٰ جَهَنَّمَ أُوْلَٰٓئِكَ شَرّٞ مَّكَانٗا وَأَضَلُّ سَبِيلٗا ٣٤

**Гьеб жужахI цIакъ квешаб бакI буго ва гьел мушрикалги цIакъ нух къосарал гIадамал руго.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана къиямасеб къоялъ мушрикал гьумералда кин хъуршулел (рилълъунел) абун. Аллагьасул расулас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Гьел гIадамал кIиго хIетIеялда тIад рилълъинарурав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир хIал кIолев вуго гьел гьумералда рилълъинаризеги»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**35. ХIакълъунго дица Муса аварагасухъе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Таврат кьуна ва гьевгун цадахъ гьесул вац Гьарунги гьавуна гьесие вазирлъун ва кумекчилъун.**

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا مُوسَى ٱلۡكِتَٰبَ وَجَعَلۡنَا مَعَهُۥٓ أَخَاهُ هَٰرُونَ وَزِيرٗا ٣٥

**36. Дица гьев кIиясдаго абуна: «Нуж кIиявго а дунги дир аяталги гьереси гьарун ругел пиргIавнил къавмалда.**

فَقُلۡنَا ٱذۡهَبَآ إِلَى ٱلۡقَوۡمِ ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَا فَدَمَّرۡنَٰهُمۡ تَدۡمِيرٗا ٣٦

Баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун ана гьев кIиявго пиргIавнил къавмалде гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIизе. Амма гьез иман лъечIо, Мусаги гьесул къавм бануисраилалги

гьалаг гьаризе къасд гьабуна пиргIавница. **Цинги дица гьеб пиргIавнил къавм дир гIазабалдалъун гьалаг гьаруна.** ПиргIавнги гьесул къавм къибтIиялги ралъдалъе лъугьине гьаруна цинги гьезда тIад ралъад данде бачана.

وَقَوْمَ نُوحٍ لَّمَّا كَذَّبُوا۟ ٱلرُّسُلَ أَغْرَقْنَٰهُمْ وَجَعَلْنَٰهُمْ لِلنَّاسِ ءَايَةً ۖ وَأَعْتَدْنَا لِلظَّٰلِمِينَ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿٣٧﴾

**37. Гьединго НухI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмги гьалаг гьабуна дица. Гьез дир аварагазаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьаруraб мехалъ дица гьел тIупантIун гьанкъизаруна ва гьел хадур рачIарал умматазе вагIзалъун ва гIибратлъун гьаруна.**

**Гьал гьалаг гьарурал къавмазе ахираталдаги дица цIакъ гучаб гIазаб хIадурун буго.** Дунялалда гьалаг гьари гуребги ахираталдаги гьалаглъарал рукIине руго гьел капурзаби.

وَعَادًا وَثَمُودَا۟ وَأَصْحَٰبَ ٱلرَّسِّ وَقُرُونًۢا بَيْنَ ذَٰلِكَ كَثِيرًا ﴿٣٨﴾

**38. Гьединго дица гьалаг гьаруна ГIáдил къавм, Самудил къавм. Гъуялда жанир ккезарун гьанкъизарурал ШугIайбил къавмги.**

**Гьел къавмазда гьоркьоб бугеб заманаялъ цогиги гIемерал умматал гьалаг гьаруна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ:** гьезул рикIкIен Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гурони лъаларел.

وَكُلًّا ضَرَبْنَا لَهُ ٱلْأَمْثَٰلَ ۖ وَكُلًّا تَبَّرْنَا تَتْبِيرًا ﴿٣٩﴾

**39. Гьел киналго къавмазе гьалаг гьарилелде цере аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIун хIакъаб дин баян гьабуна ва гьезие гIазабалдалъун хIинкъиги кьуна.**

Гьел аварагзабаде гIенеккичIеб мехалъ ва жадее вагIза-насихIаталъ пайда гьабичIеб мехалъ: **дица гьел умматал гучаб гьалаглъиялъ гьалаг гьаруна ва гьезул хабар ва насло тIагIизабуна.**

وَلَقَدْ أَتَوْا۟ عَلَى ٱلْقَرْيَةِ ٱلَّتِىٓ أُمْطِرَتْ مَطَرَ ٱلسَّوْءِ ۚ أَفَلَمْ يَكُونُوا۟ يَرَوْنَهَا ۚ بَلْ كَانُوا۟ لَا يَرْجُونَ نُشُورًا ﴿٤٠﴾

**40. Х1акълъунго Жидер даран базаралъе Шамалда Маккаялъул мушрикал ЛутIил къавмил росабалъан уна гурищ? Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зодиса ганч1ал реч1чIун жал гьалаг гьарурал гьел ЛутIил عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмги.**

**Гьезда гьел росаби рихьуларогойищ ругел ва гьезда щвараб гIазабалъул пикруго гьабуларищ?** Гьел мушриказда гьел росаби рихьула, гьениб букIараб къавмалъе лъугьараб жоги гьезда лъала. **Амма гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, ахираталда иман лъун, гьениб хIисаб-мизан ва жазаъ букIиналда божулел гьечIо.** Гьедин бугелъул

жидее щибго вагIза ва асар лъугьунеб гьечIо.

**41. Мушриказда мун вихьараб мехалъ гьез мун махсароде гьавулев вуго ва абулеб буго:**
**«Гьав чийищ вугев Аллагьас ﷻ нижеда расуллъун витIарав?-абун.**

وَإِذَا رَأَوْكَ إِن يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا أَهَٰذَا ٱلَّذِى بَعَثَ ٱللَّهُ رَسُولًا ﴿٤١﴾

**42. «Гьав чияс ниж нижер алагьзабазе лагълъи гьабиялдаса къосизаризе дагьаб жо хутIана. Нижеца сабро гьабун букIинчIебани ва гьесул ахIиялда данде рагъги гьабичIебани, ниж гьес къосизаризеги рукIана»-абун.**

إِن كَادَ لَيُضِلُّنَا عَنْ ءَالِهَتِنَا لَوْلَآ أَن صَبَرْنَا عَلَيْهَا ۚ وَسَوْفَ يَعْلَمُونَ حِينَ يَرَوْنَ ٱلْعَذَابَ مَنْ أَضَلُّ سَبِيلًا ﴿٤٢﴾

**Ахираталда жужахIалъул гIазаб бихьараб мехалъ гьезда лъазе буго нух къосаралги, мекъаб диналда ругелги щал ругеблъи.**

**43. Дуца гIажаиблъи гьабуларищ МухIаммад ﷺ, жиндирго гьава напс алагьлъун ккун вугев чиясул!**

أَرَءَيْتَ مَنِ ٱتَّخَذَ إِلَٰهَهُۥ هَوَىٰهُ أَفَأَنتَ تَكُونُ عَلَيْهِ وَكِيلًا ﴿٤٣﴾

Гьел мушриказул щиб гIакъло лъай букIунеб ва гьезул динги щиб букIунеб! **Мунищ вугев гьезул вакил, гьел жидерго гьаваялда нахъ рилъизе гьукъулев?!** Гьеч1о мун гьезул вакил ва к1оларо дуда гьел гьукъизе.

Жинда Аллагь разилъяв ИбнугIаббасица абуна: «Цо мушрикал рукIана жидеца ганчIазе лагълъи гьабулел. Гьеб жидехъ бугелдаса берцинаб гамачI батараб мехалъ кодоб букIараб гамачIги гIодоб реххун гьеб берцин бихьараб гамачI кодобе босулаан ва гьелъие лагълъи гьабулаан»-абун. Гьав чи битIараб нухалда тIовитIизе кIолищ МухIаммад ﷺ дуда?

Гьаб аяталъул мурад буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьаби ва гьесда бичIчIизаби гьел мушрикал цIакъ жагьилал, хIайваназда рельлъарал гIадамал рукIин ва гьез иман лъечIо абун аварагасда гIайиб гьечIеблъи. Гьесда тIадаб жо гьезухъе дин щвезаби бугелъул. Амма гьел иманалда тIоритIи, яги тIоритIун гутIи ТIадегIанав Аллагьасул иш буго.

**44. Дуда ракIалдайищ кколеб бугеб МухIаммад ﷺ, х1акълъунго гьел мушриказе дуца бицулеб жо рагIулеб бугин ва гьеб бичIулебги бугин абун. Гьедин гьечIо иш. Гьезда дуца бицунеб**

أَمْ تَحْسَبُ أَنَّ أَكْثَرَهُمْ يَسْمَعُونَ أَوْ يَعْقِلُونَ ۚ إِنْ هُمْ إِلَّا كَٱلْأَنْعَٰمِ ۖ بَلْ هُمْ أَضَلُّ سَبِيلًا ﴿٤٤﴾

**жоялъул хIакъикъат бичIуларо. Гьел хIайваназда релълъун руго, х1атта гьел хIайваназдасаги къосарал руго.**

Гьел хIайваназда жидер вехьасда мутIигIлъизе лъала, жидер бетIаргьабиги лъала, жидее лъикIлъи гьабулев ва квешлъи гьабулев чи ватIа гьавизеги лъала. Гьал мушриказда жидер БетIергьан Аллагь ﷻ лъалев гьечIо, гьесул расуласда ﷺ нахъги рилълъунел гьечIо, жидерго напсазе лъикIаб ва квешаб жо батIа гьабизеги лъалеб гьечIо.

**45. Дуда бихьулярищ МухIаммад ﷺ, ва дуца пикру гьабулярищ ТIадегIанав Аллагьасул махлукъаталъул ва гьезда жанир ругел хIикматазул?**

أَلَمْ تَرَ إِلَىٰ رَبِّكَ كَيْفَ مَدَّ ٱلظِّلَّ وَلَوْ شَآءَ لَجَعَلَهُۥ سَاكِنًا ثُمَّ جَعَلْنَا ٱلشَّمْسَ عَلَيْهِ دَلِيلًا ﴿٤٥﴾

**Дуца пикру гьабе Аллагьас ﷻ рагIад киндай гьабун бугеб жиб цIан унеб, хьвадулеб абун.** Гьеб рагIадалдалъун инсанасе ва цогидаб рухI чIаголъиялъе бакъул бухIиялдасан цIуни букIизе. **Аллагьасе ﷻ бокьараб ани гьеб рагIад цо бакIалда чIчIараблъун гьабилаан. Киниги Аллагьас ﷻ гьеб рагIад жиб хьвадулеблъун гьабуна ва гьеб рагIад букIин лъазабулеб далиллъун бакъги гьабуна**.

Бакъ баккараб мехалъ гурони рагIад бихьуларо ва гьеб бакъул хьвадиялдалъун рагIадги хьвадула. Аллагьасул ﷻ гIадат буго чIегIераб жо хъахIалда данде ккун лъалеб, нур бецIлъиялде данде ккун лъалеб, гIелму жагьиллъиялда данде ккун лъалеб. Гьеб гIадаталда рекъон бакъ гвангъараб нур букIин нилъеда лъала гьеб бакъ гьечIеб бакI бецIаб букIиналдалъун.

**46. Цинги дица гьеб рогьалидаса хадуб букIунеб рагIад дагь-дагь ккун нахъе босула ва бакъ баккараб мехалъ гьеб рагIад тIагIула.**

ثُمَّ قَبَضْنَٰهُ إِلَيْنَا قَبْضًا يَسِيرًا ﴿٤٦﴾

**47. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер БетIергьан, жинца тIад ретIулеб ретIелалъ гIадин нуж рахчулеблъун сордо гьабурав,**

وَهُوَ ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلَّيْلَ لِبَاسًا وَٱلنَّوْمَ سُبَاتًا وَجَعَلَ ٱلنَّهَارَ نُشُورًا ﴿٤٧﴾

гьеб сардилъ нуж рахIаталда рукIине, дунялалъул хIалтIи-иш гьабиялдаса хъизан рукъалда руссун рукIине. **Аллагьас ﷻ макьуги гьабуна нуж хIалхьон чIолеблъун ва нужер черхалъул свак бичулеблъун.**

**Аллагьас ﷻ къоги гьабуна жинда жанир нуж хьвадулеблъун.** Нужеца хIалтIи иш гьабизе ва магIишат тIалаб гьабизе. Гьединго Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, гьесул амру-нагью тIубан, хирияв

аварагасул ﷺ суннат тIубан, абадияб ахираталъул рукъалъе батулеб лъикIаб гIамалги гьабизе.

وَهُوَ ٱلَّذِىٓ أَرْسَلَ ٱلرِّيَٰحَ بُشْرًۢا بَيْنَ يَدَىْ رَحْمَتِهِۦ ۚ وَأَنزَلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً طَهُورًا ﴿٤٨﴾

**48. Гьев Аллагь** ﷻ вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, **жинца жиндир рах1матлъун бугеб цIад балелде цере роххалил чапарлъун гьурал ритIулев.**

**Дица нужее зодисан жиб бацIадаб ва жинца цогидаб жоги бацIад гьабулеб лъимги рештIизабуна.** Гьеб цIадал лъим бацIадаб жо букIин гIелмуялдалъун тасдикъ гьабураб амру буго. Жиб зодиса ракьалда щвелелде жиндир нухда бугеб гьаваялдаса чороклъи жубан дагьабго рац1ц1алъи хисула.

لِّنُحْـِۧىَ بِهِۦ بَلْدَةً مَّيْتًا وَنُسْقِيَهُۥ مِمَّا خَلَقْنَآ أَنْعَٰمًا وَأَنَاسِىَّ كَثِيرًا ﴿٤٩﴾

**49. Гьеб ц1адалдалъун дица хвараб ракь ч1аго гьабула.** Бакъвараб, т1аде хур-хер гьеч1еб **ракьалдаги, гьелда т1ад дица рижун ругел х1айваназда ва г1емерал г1адамазда гьекъезеги гьабула.** Лъим гьеч1ого ч1аголъи букIуларо.

Зодиса рештIунеб цIадал лъимги, ракьалда тIад ругел иццал, лъарал ва гIорал ТIадегIанав Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабизе бокьарав чиясе кIудияб хIикмат ва хIужа буго. Нахъаса къотIич1ого рорхатал мугIрузул тIогьаздаса чIвахулел иццал, лъаралги, Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ чанго къоялъ гьоркьоса къотIичIого тIупантIун ралел цIадалги лъил гьунар бугеб? Гьеб лъим лъица бижулеб ва киса чвахулеб? Гьалда релълъарал суалал гIемерал руго ва гьеб кинабго ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъи ва хIукму-къадар буго.

وَلَقَدْ صَرَّفْنَٰهُ بَيْنَهُمْ لِيَذَّكَّرُوا۟ فَأَبَىٰٓ أَكْثَرُ ٱلنَّاسِ إِلَّا كُفُورًا ﴿٥٠﴾

**50. Х1акълъунго Дица гьаб Къуръаналда жанир гIемерал мисалал рачана, хIужаби ва далилалги рицана, гIадамал кантIизе бокьун, гьез пикру гьабизе ва вагIза босизе бокьун. Ва амма гIемерисел гIадамаз гьеб вагIза-насихIат къабул гьабичIо ва жидеца дида иман лъеялда, дир Къуръан ва дир расул** ﷺ **ритIухъ гьавиялда инкар ккуна.**

وَلَوْ شِئْنَا لَبَعَثْنَا فِى كُلِّ قَرْيَةٍ نَّذِيرًا ﴿٥١﴾

**51. Дие бокьун букIарабани щибаб росулъ цо-цо авараг витIилаан дир гIазабалдалъун гIадамазе хIинкъи кьезе**

ва дир алжаналъул нигIматаздалъун рохел бицинеги.

فَلَا تُطِعِ ٱلْكَٰفِرِينَ وَجَٰهِدْهُم بِهِۦ جِهَادًا
كَبِيرًا ﴿٥٢﴾

**52. Мун гьел капурзабазе мутIигIлъуге МухIаммад ﷺ гьез жидер алагьзабазда гIайиб чIвагеян абулеб рагIиялъулъ.**

**Дуца гьаб хирияб Къуръаналдалъун гьездехун рагьги гьабе кIудияб рагъ гьабиялъ.** Гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIиялъулъ мун свакаге ва кIвахIаллъуге. Кинабго заманаялъ гьезие дагIват гьабе.

۞ وَهُوَ ٱلَّذِى مَرَجَ ٱلْبَحْرَيْنِ هَٰذَا عَذْبٌ
فُرَاتٌ وَهَٰذَا مِلْحٌ أُجَاجٌ وَجَعَلَ بَيْنَهُمَا
بَرْزَخًا وَحِجْرًا مَّحْجُورًا ﴿٥٣﴾

**53. Гьев БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго** жиндие гIибадат гьабизе тIадав хан, **жинца кIиго батIияб лъим чвахизабурав цоцада аскIоб, цояб цоялда цун.**

**Цояб лъим жиб гьуинаб, жиб гьекъезе бигьаяб, цогидаб лъим жиб цIакъ цIамхIалаб, кьогIаб. Гьеб кIиябго лъим цоцаде жубазе толареб пардавги гьабун буго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **ва гьел цоцадаса нахъе чIвалеб къуватги гьабун буго.** Гьабги буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатаздаса цо гIаламат.

وَهُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ مِنَ ٱلْمَآءِ بَشَرًا فَجَعَلَهُۥ نَسَبًا
وَصِهْرًا ۗ وَكَانَ رَبُّكَ قَدِيرًا ﴿٥٤﴾

**54. Жинца манидал къатIраялдаса инсан вижаравги вуго ТIадегIанав Аллагь.**
**Гьев инсан жинда жо бихьулев, рагIулев гьавурав, жинца чIужу ячун ригьин гьабун насло-насаб халат гьабулевлъунги гьавурав.**
**Дур БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир хIалкIолъи бергьарав вуго МухIаммад** ﷺ.

Маниялъул цо зарраялдаса инсан вижизавулев. Гьев инсан бихьинав, яги цIуяв гьавулев. Гьев инсан, кигIан гIемер ругониги, цояв цогисда релълъарав гьечIого щивасул сипат-сурат ва тIабигIат-гIамал батIияблъун вижулев, гьезул къуват ва загIиплъи батIияб гьабун, лага-черх батIияб гьабун рижулев.

وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَنفَعُهُمْ وَلَا
يَضُرُّهُمْ ۗ وَكَانَ ٱلْكَافِرُ عَلَىٰ رَبِّهِۦ ظَهِيرًا ﴿٥٥﴾

**55. Гьел мушрикаца жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **тун щибго жидее мунпагIат гьабуларел яги зарал гьабуларел хъанчазе буго лагълъи гьабулеб.**

**Гьев капурав инсан щайтIаналда нахъ вилълъун, гьелъие мутIигIлъун Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасилъулев вуго ва гьесда гIасилъараб щайтIаналъе квербакъулевги вуго:** гьеб щайтIаналъул

мурад т1убазабун, гьелъул рак1 боххизабун.

**56. Дица мун витIун гьечIо МухIаммад ﷺ,** وَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ إِلَّا مُبَشِّرًا وَنَذِيرًا ﴿٥٦﴾

**дуца муъминзабазе алжаналдалъун рохел бицуневлъун ва капуразе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъун гурони.** Дуда тIад гьечIо гьел иманалда тIоритIизе ва гIасилъиялдаса цIунизе.

**57. Дуца абе МухIаммад ﷺ, дица нужедаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин щвезе гьабиялда данде.** قُلْ مَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِلَّا مَن شَآءَ أَن يَتَّخِذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ﴿٥٧﴾

**Нужее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи щолеб нух бихьизабулеб буго дица ва нуж гьеб нухалъ хьвадун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIагарлъиги бокьун буго.**

**58. Дуца таваккал тIаме МухIаммад ﷺ жив холарев, жиндир чIаголъи даимав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ** وَتَوَكَّلْ عَلَى ٱلْحَىِّ ٱلَّذِى لَا يَمُوتُ وَسَبِّحْ بِحَمْدِهِۦ ۚ وَكَفَىٰ بِهِۦ بِذُنُوبِ عِبَادِهِۦ خَبِيرًا ﴿٥٨﴾

**ва дуца гьев вацIцIад гьавун, гьесие рецц гьабе. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIезе вуго жиндир лагъзадерил мунагьал лъалевлъун.** Гьесда щибго жо бальго хутIуларо ва щивасул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**59. Жинца зобал-ракьалги, гьезда гьоркьоб бугеб кинабго мухлукъатги анлъго къоялда жаниб бижарав Цинги живги гIарщалда тIадегIанлъарав Халикъ вуго нужер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.** ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۚ ٱلرَّحْمَٰنُ فَسْـَٔلْ بِهِۦ خَبِيرًا ﴿٥٩﴾

**Жиндир гурхIел-ц1об гIемерав ва гIаммав РахIман вуго гьев. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ тIалаб гьабе дуца дуда лъалареб жо лъазе.** Гьев вуго жинда кинабго жо лъалев ва гьеб дуда лъазабизе кIолев, цоги щивго чи гьечIо. Цоги магIна гьабуна гьаб рагIиялъе: Гьев РахIманасул хIакъалъулъ дуца гьикъе жидехъе тIехь кьурал, гьеб лъалел гIадамазда абун.

**60. Гьел мушриказда абураб мехалъ нужеца гIибадат ва сужда гьабе жиндир рахIмат кинабго жоялда гIамлъарав «РахIманасе»-абун,** وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱسْجُدُوا۟ لِلرَّحْمَٰنِ قَالُوا۟ وَمَا ٱلرَّحْمَٰنُ أَنَسْجُدُ لِمَا تَأْمُرُنَا وَزَادَهُمْ نُفُورًا ۩ ﴿٦٠﴾

**мушрикаца абулеб буго: «Щив чи вугев гьев РахIман?»** Жидеда лъалеб бугониги гьев РахIман щив вугев гьесда инкар ккун, гIамал кIодолъи гьабун абулеб рагIи буго гьеб. **Нижеда лъаларев РахIманасе суждайищ гьабулеб дур амруялда**

**нахърилълъун?»-абун. Гьаб инкар ккураб рагIиялъ гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалдаса жегиги рикIкIад гьаруна, гьесул диналдасаги жал тIурана.**

Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе суннатаб буго.

**61. Жив ТIадегIанав ва баракат гIемерав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, жинца зобалазда цIваби хьвадулел нухал гьарурав ва гьениб бакараб чирахъ гIадин бакъги гьабурав, нур базабулеб моцIги гьабурав.**

تَبَارَكَ ٱلَّذِي جَعَلَ فِي ٱلسَّمَآءِ بُرُوجٗا وَجَعَلَ فِيهَا سِرَٰجٗا وَقَمَرٗا مُّنِيرٗا ٦١

**62. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго** нужеца гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан, **жинца сордо-къо цоялъ цояб хисулеблъун гьабурав ва цояб цоялда хадуб бачIунеблъунги гьабурав;- Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсезе ва гьесул махлукъаталъул пикру гьабун вагIза босизе бокьарал гIадамазе. Яги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIемерал ва кIудиял нигIматазда щукру гьабизе бокьаразеги.**

وَهُوَ ٱلَّذِي جَعَلَ ٱلَّيۡلَ وَٱلنَّهَارَ خِلۡفَةٗ لِّمَنۡ أَرَادَ أَن يَذَّكَّرَ أَوۡ أَرَادَ شُكُورٗا ٦٢

АтI-тIабари абулев гIалимас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас сордо-къо цоялъ цояб хисулеблъун гьабуна жидеца лъикIаб гIамал гьабун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулел муъминзабазул къад гьабичIого хутIараб лъикIаб гIамал гьез къаси гьабизе ва къаси гьабичIого хутIараб лъикIаб гIамал къад гьабизе»-абун.

**63. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъзалилан абизе рекъарал гIадамал руго жал ракьалда тIад рилълъунеб мехалъ бигьаго, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелун рилълъунел.**

وَعِبَادُ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلَّذِينَ يَمۡشُونَ عَلَى ٱلۡأَرۡضِ هَوۡنٗا وَإِذَا خَاطَبَهُمُ ٱلۡجَٰهِلُونَ قَالُواْ سَلَٰمٗا ٦٣

ЧIухIараб рилълъен гьабуларел ва хIатIал гIодор кьабун гьаракь бахъизабуларел. **Жидедехун жагьилал, ахIмакъал гIадамаца хъачIаб рагIи бицараб мехалъ гьездаги квешаб рагIи абуларел.** Гьезда данде тамахаб рагIи бицун, жалго мунагьалъулъ ккеялдаса цIунун хьвадулел.

**64. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулаго сордоги рогьулел.**

وَٱلَّذِينَ يَبِيتُونَ لِرَبِّهِمۡ سُجَّدٗا وَقِيَٰمٗا ٦٤

**Гьесие какал ран, суждаялда чIун ва Къуръан цIализе тIаде рахъун рукIунел.**

**65. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ дугIа ва хIели гIемер гьабулел ва гьеб дугIаялъулъ жидеца абулел: «Я нижер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ!**

وَٱلَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا ٱصۡرِفۡ عَنَّا عَذَابَ جَهَنَّمَۖ إِنَّ عَذَابَهَا كَانَ غَرَامًا ٦٥

**Дуца нижедаса буссизабе ва рикIкIад гьабе жужахIалъул гIазаб. Х1акълъунго гьеб гIазаб жиб щварав чиясдаса тIаса унареб буго.**

**66. Х1акълъунго гьеб жужахIги цIакъ квешаб рукъ буго** إِنَّهَا سَآءَتۡ مُسۡتَقَرّٗا وَمُقَامٗا ٦٦
**жинда жанир чIезе ва жиб абадияб рукълъун букIине»-абун.**

Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун, гьев разилъи тIалаб гьабун къасиги къадги гIибадат гьабулел муъминзабазул дугIа буго гьаб. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъиго гьечIел, гьев ракIалдаги щоларел, дунял гьабулел рукIун ахиратги кIочон ругел, бусурбаби абун жидеда цIар бугел гIадамазул щибго дугIаги гьечIо, ракI къварилъи-тавбоги гьечIо.

Я Аллагь! Дуца хIакъаб нух бихьизабе ва гьеб нухда хьвадизе тавпикъги кье.

67. Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабулел муъминзаби руго **жидеца хъизаналъе** ва жидерго напсаазе **напакъа кьолеб мехалъ исрапчилъи гьабуларел.** وَٱلَّذِينَ إِذَآ أَنفَقُواْ لَمۡ يُسۡرِفُواْ وَلَمۡ يَقۡتُرُواْ وَكَانَ بَيۡنَ ذَٰلِكَ قَوَامٗا ٦٧

ЧIухIарал минаби ран, хириял машинаби рекIун, ретIел-тIехалъулъ кванай гьекъеялъулъ исрапчилъи ва чIухIи гьабуларел. **ГIемерго дагьаб напакъа кьун напсазе къварилъиги гьабуларел.** Ресмахlал букIингун цадахъ бахиллъун ва сутурлъун напсалъе хIажатаб жо гьабичIого толарел. **Жидер напакъа кьейи гьоркьохъеб ва шаргIалда рекъараб букIунел.**

**68. Аллагьгун ﷻ цадахъ ккун цоги алагьзабазе лагълъи гьабуларел, Аллагьас ﷻ чIвазе хIарам гьабураб напсги чIваларел, шаргIияб гIилла букIун гурони:** وَٱلَّذِينَ لَا يَدۡعُونَ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ وَلَا يَقۡتُلُونَ ٱلنَّفۡسَ ٱلَّتِي حَرَّمَ ٱللَّهُ إِلَّا بِٱلۡحَقِّ وَلَا يَزۡنُونَۚ وَمَن يَفۡعَلۡ ذَٰلِكَ يَلۡقَ أَثَامٗا ٦٨

къисасалъе ва хIаддалъе чIван гурони. **Жидеца зинаги гьабуларел. Гьал кIудиял мунагьал жидеца гьарурал гIадамал:** ширк гьаби, гIадан чIвай, зина гьаби **ахираталда гучаб гIазабалъулъ кколел гIадамал руго.**

**69. Гьезие Аллагьас ﷻ къиямасеб къоялъ гIазаб цIакъго цIикIизабула ва жал гIодорегIан гьарун,** يُضَٰعَفۡ لَهُ ٱلۡعَذَابُ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ وَيَخۡلُدۡ فِيهِۦ مُهَانًا ٦٩
**хIакъир гьарун даимго рукIунеб жужахIалъул гIазабалъулъ лъугьизарула.**

**70. Жидеца тавбо гьабурал, Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман** إِلَّا مَن تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ عَمَلٗا صَٰلِحٗا

فَأُوْلَٰٓئِكَ يُبَدِّلُ ٱللَّهُ سَيِّـَٔاتِهِمْ حَسَنَٰتٍۗ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٧٠﴾

**лъурал, хадуб лъик1аб гIамал гьабунги хьвадарал гIадамал хут1изег1ан,**

**гьезул церехун гьарурал квешал гIамалалги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъикIаллъун сверизарула. ХIакълъунго Аллагь жиндир лагъзадерида цIакъ гурхIулев ва гьезул мунагьал рахчулев вуго.**

وَمَن تَابَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَإِنَّهُۥ يَتُوبُ إِلَى ٱللَّهِ مَتَابًا ﴿٧١﴾

**71. Жинца тавбоги гьабун лъикIаб гIамал гьабурав чи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир тавбо къабул гьабулев, жинда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъулев вуго.**

АтI-тIабарияс бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Валлагьи, дида лъала бищун ахиралда алжаналда жанив лъугьинавулев чиги, бищун ахиралда жужахIалдаса къватIиве вахъинавулев чиги* (гьав вуго муъминчи, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъи гьабиялдалъун жужахIалда лъугьизавун вукIарав). *Къиямасеб къоялъ цо чи вачун вачIуна БетIергьан Аллагьасда цеве. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзабадехун абула: «Нужеца гьасул гIисинал мунагьал цере рахъе ва чIахIиял мунагьал рахчун те»-абун. Цинги гьев лагъасда жиндир гIисинал мунагьал рихьизарула ва гьесдехун абула: «Дуца гьабги, гьабги мунагь гьабуниш?»-абун. Гьес абула гьабуна абун ва гьев цIакъ хIинкъун вукIуна жиндир кIудиял мунагьалги цере рахъилин абун. Гьев лагъасда абула: «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуе щибаб мунагьалъул бакIалда лъикIаб гIамал кьолеб буго»-абун. Цинги воххун гьев лагъас абула: «Я дир БетIаргьан! Дица гьарурал цогиги гIамалал рукIана, дида гьел гьанир рихьулел гьечIо!»-абун. Гьаб рагIиги абун Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жиндир гIусал рихьулеб хIалалъ хьимана;* Х1адис имам Муслимица бицана.

Ай дов жиндир кIудиял мунагьал цере рахъиялдаса хIинкъун вукIарав лагъасда абидалго дуе щибаб квешаб гIамалалъул бакIалда лъикIаб гIамал гьабулеб бугин абун, гьесие бокьана жинца рахчи тIалаб гьабулел рукIарал к1удиял мунагьалги загьир гьаризе ва гьезда дандеги жиндие лъикIаб гIамал щвезе.

ТIадегIанав Аллагь жиндир муъминал лагъзадерида гурхIулев вукIиналъулги, гьел лагъзал жидер хатIаъ кколел, жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру кIочонел рукIиналъулги мисал буго жиндие кутакалда жиндир лъимер бокьулей эбелалъулги, гьей эбел жиндие ёкьулеб лъимералъулги мисал. Гьеб лъимералъул ракIчIчIун букIула гьаб дунялалда тIад гьей эбелгIан жинда гурхIулейги жив цIунулейги,

жиндие лъикIлъи гъабулевги цоги щивго чи гъечIолъиялда.

Гъедин бугониги гъеб лъимералъ цо-цо мехалъ эбелалъул ракI бакъвалеб иш гъабула. Гъелъул амру кIочон, гъелъул мурад тIубачIого хьвадула, жидерго гIанчIаб ва гIадалаб рекIел мурадазда нахърилълъуна. Гъаб гIамал жиндаса кканиги гъев эбел ёкьиялдаса вахъун кколаро ва гъей эбелалъул каранде кIанцIани гурони гъесул кIанцIулеб бакIги букIуларо.

Гъей эбелалъул ццимги бахъула жиндир лъимералъ гъабураб квешлъиялда, гъеб лъимералда жий ягъдола, гьелда къабизеги къабула, ва амма, жинца ракI къварид гъабун гIодизабураб лъимер жиндирго каранде къан беэдула ва гъелъул къварилъи тIаса инзабизе яхI бахъула.

Жинда Аллагь ﷻ лъалев, гъев вокьулев ва гъесдаса хIинкъулев муъминнав лагъасулги цо-цо мехалъ Аллагьасдехун гIасилъи ккола, гъесул амру-нагъю хвезабун щайтIаналъ, гъава-напсалъ гуккун хьвадула. Гъедин хьваданиги гъев жинда Аллагь ﷻ кIочон вукIуларо ва хеккого жив кантIун, тавбо гъабун Аллагьасде ﷻ вусула.

ТIадегIанав Аллагьасулги гъев муъминчи гIасилъун ккараб мехалъ гъесда ццим бахъула ва гъесие гIазабги гъабула. Жинда щвараб къварилъи-гIазабалъ пашман гъавун, тIаса лъугьа ва жинда гурхIа абун гъев муъминчи жиндие хIеларaб мехалъ, Аллагьасул ﷻ ццим бахъи тIаса уна, гурхIел-рахIмуялъул бералдалъун жиндир лагъасда валагъула ва гъесул квешаб гIамалги лъикIаб гIамаллъун хъвай абун, малаикзабазда амруги гъабула.

СубхIаналлагьи! Гъав Аллагь ﷻ лъалел, гъесие гIибадат гъабулел, гъасул хирияв расул МухIаммадие ﷺ жаваб гъабураб умматалдаса нилъ гъарун ругелъул даимаб щукру ва рецц Аллагьасе ﷻ гъаби нилъеда тIалъун буго. Аллагьасе ﷻ щукру гъаби буго гъев разилъулел гIамалал щалдай ругоян цIехон, гъел гIамалал гъаризе яхI бахъи. Аллагьасе ﷻ рецц гъаби буго гъес тIад къараб парз тIубан хьвади ва киналго нигIматал гъесдаса рукIин лъан гъезда данде «АлхIамдулиллагь»-абун Аллагь ﷻ рахсей, гъесие мутIигIлъун ва мукIурлъун хьвади.

**72. Жидеца гъересияб нугIлъи гъабуларелги руго** Аллагьасул ﷻ лъикIал лагъзаллъун ругел гIадамал. **Цо гIададисеб, хIарамаб жо бицунел мажлисал ратараб мехалъ гъенир чIечIого, жидерго напс цIунун ва гъеб хира гъабун, гъеб мажлисалдаса рикIкIад унел.**

وَٱلَّذِينَ لَا يَشۡهَدُونَ ٱلزُّورَ وَإِذَا مَرُّواْ بِٱللَّغۡوِ مَرُّواْ كِرَامٗا ﴿٧٢﴾

ГIалимзабаца «ٱللَّغۡوِ»-абураб рагIиялъе магIна гъабун абуна: гъеб буго

кинабго къабихIабщинаб жо бицулеб ва гьабулеб мажлис: зухIмат, зурма-къали бугеб мажлис, кино ва канцертал ругеб, рекIее рокьулел гьеб разилъулел (азартные игри) хIаял гьарулеб мажлис; г1адамал какулеб, гьезда тIаса гьибат-бугьтан гьабулеб мажлис; къватIахъе чIун бихьинал ва руччаби гIададисеб хабар бицун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсей кIочон гIагIадун релъанхъулел мажлисал ва гьезда релълъарал жинда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьаби гьечIеб, жал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялдаса машгъуллъун рукIунел киналго данде руссиял.

Гьаб хIарамаб жо жиндилъ гьабулареб, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсолеб, Къуръан, х1адис ва цогидаб гIелму цIалулеб мажлис буго «мажлису-ллагьви».

وَٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِّرُواْ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ لَمْ يَخِرُّواْ عَلَيْهَا صُمًّا وَعُمْيَانًا ﴿٧٣﴾

**73. Хирияб Къуръаналдалъун вагIза гьабураб мехалъ гьеб рагIулареллъун ва бихьулареллъун жал чIоларел, жидеца гьеб вагIза босулел ва гьелда нахърилълъун гIамалги гьабулел.**

وَٱلَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَٰجِنَا وَذُرِّيَّٰتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَٱجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا ﴿٧٤﴾

**74. ДугIа гьабулеб мехалъ абулел: «Я нижер БетIергьан! нижер руччабаздаса ва лъималаздаса ниж роххизарулел, нижер бер ва ракI рази гьабулел лъикIал муъминзаби гьаре. Дуца нижгоги гьаре нижеда нахърилълъарал дудаса х1инкъулел г1адамазе имамзабилъун.** Гьезда лъикIаб жо малъулеллъун ва гьел исламияб диналъул нухда хьвадизарулеллъун»-абун.

أُوْلَٰٓئِكَ يُجْزَوْنَ ٱلْغُرْفَةَ بِمَا صَبَرُواْ وَيُلَقَّوْنَ فِيهَا تَحِيَّةً وَسَلَٰمًا ﴿٧٥﴾

**75. Гьал цере рехсарал сипатал ругел муъминзаби руго жидее жазаълъун алжаналъул рукъ кьолел; гьез Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялда тIад чIун ва Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялдаса цIунун чIун сабро гьабидал. Гьеб алжаналда жаниб жидее данд ч1вай гьабулел малаикзабаца салам кьун тахIият ва кIодолъи гьабун.**

خَٰلِدِينَ فِيهَا حَسُنَتْ مُسْتَقَرًّا وَمُقَامًا ﴿٧٦﴾

**76. Даимго рукIунеллъун лъугьизарула алжаналда жанир ва гьеб алжан цIакъ лъикIаб рукъ буго жанир лъугьизе ва абадиялъго жанир чIезеги.**

قُلْ مَا يَعْبَؤُاْ بِكُمْ رَبِّي لَوْلَا دُعَآؤُكُمْ فَقَدْ كَذَّبْتُمْ فَسَوْفَ يَكُونُ لِزَامًا ﴿٧٧﴾

**77. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ! Дир БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужеца гьабулеб ширкалъул кIвар гьабуларо,** гьесие

нужер квешаб гIамалалъ щибго заралги гьабуларо. **Гьев Аллагьасе ﷻ нужедаса щибго хIажатаб жоги гьечIо, Аллагь ﷻ цо гьавун гIибадат гьаби гуреб. Х1акълъунго нужеца Аллагьасул расулги ﷺ, гьесул Къуръанги гьереси гьабуна** ва гьезда нахърилълъинеги чIухIана. **Гьеб гIамал сабаблъун жиб тIад чIараб, абадияб жужахIалъул гIазаб букIизе буго нужее»-абун.**

ТIадегIанав Аллагьас гьаб сураталда жаниб ﴿عِبَادُ ٱلرَّحۡمَٰنِ﴾-абун жидеда абулел лъикIал муъминзабазе ругел сипатал рицун ва гьезие бугеб жазаъ бицун анцIго аят рештIизабуна. Гьел сипаталги гьал руго:

1) Аллагьасе ﷻ ва гьесул лагъзадерие хIеларал, хIалимал рукIин, чIухIи гьечIел рукIин.

2) Сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе ﷻ тIагIат-гIибадат гьабулел рукIин.

3) Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъарал рукIин.

4) Исрапчилъи тарал, бахиллъи ва сутурлъи тарал рукIин.

5) Аллагьасдехун ширк гьабиялдаса рикIкIадал рукIин.

6) Инсан чIваяалдаса, зина гьабиялдаса жал цIунарал рукIин.

7) Тавбо гьабулел, гьелда тIад чIолел рукIин.

8) Гьереси бицуларел, жидеца гьересияб нугIлъи гьабуларел рукIин.

9) ХIарамаб жо гьабулеб мажлисалда гIахьаллъуларел рукIин.

10) Жидеца вагIза-насихIат къабул гьабулел, гьелда гIамал гьабулел рукIин.

11) Аллагьасде ﷻ дугIа гьабулел рукIин, жидер хIажатал гьарун ва къварилъи-балагь тIаса борхиги гьарун.

Гьал сипатал жидее ругел муъминзабазе ТIадегIанав Аллагьас ﷻ алжаналда жаниб бищунго лъикIаб бакI къотIи гьабун буго ва малаикзабаца жидее тахIият (кIодолъи) гьабиги бицун буго. Гьаб киналдаго тIадеги гьезие бугеб хиралъи ва тIокIлъи буго жидеда ТIадегIанав Аллагь вихьулев вукIин.

Аллагьас ﷻ тавфикъ кьеги жив разияб гIамал гьабизе. Амин.
Суратул Фуркъаналъул тафсир ва таржама хъван тIубана
ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго рецц ва щукру.

# 26. Сурату ЩугIараъ

سُورَةُ الشُّعَرَاءِ

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб кIинусиялда къоло анкьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталъ кIвар гьабулеб буго инсанасул гIакъида (рекIел чIей) битIизабиялъул. Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо вукIин, гьесул расулал ва тIахьал ритIухъал рукIинги бицунеб буго.*

*Гьаб хирияб Къуръан инсан жинца тIовитIулеб букIин баян гьабун хадуб, цо-цо аварагзабазул* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *ва гьезул умматазул къисаби рицун руго: Муса аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ *ва Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *тушман пиргIавнил къиса буго. Ибрагьим аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ*, гьесул имсул ва къавмалъул къисаги буго.*

*Аллагьасдаса* جَلَّجَلَالُهُ *хIинкъарал муъминзабазул ва Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *гIасиял, бахьикъосарал гIадамазул сипатал рицун руго, гьезул ахир кин букIулебги баян гьабун буго. НухI, Гьуд, СсалихI, ЛутI, ШугIайб аварагзабазул* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *къисабазадаса цо-цо баянал рицун хадубги, гьаб Къуръан хирияв МухIаммад аварагас* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *алжаналъул рохел бицизе ва жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезеги рештIизабураб букIин баян гьабун буго.*

*Сураталда цIар тун буго «ШагIирзабазул сурат»-абун, гьаб сураталда жаниб шагIирзаби гIададисеб, батIулаб иш гьабулел, жидеца гьабулареб жо бицулел гIадамал рукIинги бицун букIиналъ. Гьеб бициялъе сабаб буго Маккаялъул мушриказ авараг* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *шагIир вугин абун букIиндал, гьезул рагIи гьереси гьабун баян гьабуна шагIирзаби щал чагIи руге ва хирияв МухIаммад* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *шагIир гьечIеблъи, гьес цIалулеб Къуръанги шигIру гьечIеблъи.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. ТIа. Син. Мим.** طسٓمٓ ١
ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьал хIурупаздалъун щиб мурад бугеб ва гьезул щиб магIна бугеб.

**2. Гьал аятал руго жиб баянаб, жиндир тIоритIел ва мугIжизат баянаб Къуръаналъул аятал.** تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱلْكِتَٰبِ ٱلْمُبِينِ ٢

**3. Мун цIакъ ракI къварид гьабулев,** لَعَلَّكَ بَٰخِعٌ نَّفْسَكَ أَلَّا يَكُونُوا۟ مُؤْمِنِينَ ٣

**дурго напсалъе захIмалъи гьабулев вуго МухIаммад ﷺ, гьел капурал гIадамаца иман лъолеб гьечIо абун.** Дуца ракI къварид гьабуге!.

إِن نَّشَأْ نُنَزِّلْ عَلَيْهِم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ ءَايَةً فَظَلَّتْ أَعْنَٰقُهُمْ لَهَا خَٰضِعِينَ ﴿٤﴾

4. **Дие бокьун букIарабани дица гьезие мугIжизат бихьизабилаан ва зодиса гьел хIинкъизарулеб гIаламатги рештIизабилаан, гьел хIинкъун, иман лъун гIодогIанлъун чIолеб.** Амма дица гьеб иш гьабиларо. Дие бокьун буго дир лагъзадерица жидерго гIакъло ва пикру хIалтIизабун, гьезда дун жидер БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин лъазе ва гьез дун цо гьавун гIибадатги гьабизе.

وَمَا يَأْتِيهِم مِّن ذِكْرٍ مِّنَ ٱلرَّحْمَٰنِ مُحْدَثٍ إِلَّا كَانُوا۟ عَنْهُ مُعْرِضِينَ ﴿٥﴾

5. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъоларел, авараг ритIухъ гьавуларел капурал гIадамал **хирияв аварагасда** ﷺ **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан Къуръаналъул аятал ва шаргIиял ахIкамал вахIю гьарун щинахъе, гьел къабул гьаричIого, гьезда мугъ бан руссунел руго.** Гьел махсароде гьарулел руго, гьезул вагIза къабул гьабулеб гьечIо.

فَقَدْ كَذَّبُوا۟ فَسَيَأْتِيهِمْ أَنۢبَٰٓؤُا۟ مَا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٦﴾

6. **Х1акълъунго гьез дир Къуръанги аварагги** ﷺ **гьереси гьаруна ва гьезда мутIигIлъичIо. Гьезда нахъа лъазе буго ва бихьизе буго гьез гьереси гьабураб жоялъул ахир кин букIунеб ва жидер махсарабазул хIасил щиб букIунебги.**

أَوَلَمْ يَرَوْا۟ إِلَى ٱلْأَرْضِ كَمْ أَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍ كَرِيمٍ ﴿٧﴾

7. **Гьел гIадамал ралагьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ дица гьаб ракьалда тIад чан берцинаб ва хирияб нигIмат ва хур-хер бижизабун бугебали?**

إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٨﴾

8. **Х1акълъунго Дица бижараб махлукъаталъулъ мухIканал гIаламатал руго жидеца дун цо вукIин ва дир хIалкIолъи бицунел. Гьедин бугониги гIемерисел гIадамал иман лъоларел руго.**

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٩﴾

9. **ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго МухIаммад** ﷺ**, жив цIакъ гучав, жиндир къуват бергьарав ва муъминзабазда жиндир гурхIел гIемерав.** Иман лъечIездаги гурхIел гьабулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ,

гьезие гIакъуба-гIазаб хех гьабичIого тун, гьез тавбо гьабизе бокьун.

Гьаб аяталда жаниб буго ва цоги гIемерал аятаздаги ТIадегIанав Аллагьас абун букIуна: «АлгIазизу-ррахIиму»-абун ва гьелда рельлъарабги рагIи: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къуват-гуч бергьараб букIиналда, гьесие ццим босизе ва гIазаб гьабизе кIолеб букIиналда тIоритIел гьабулеб ва гьелда хадуб цузабун жив гурхIулев, тIаса лъугьулев ва мунагьал рахчулев вукIин бицунел рагIабиги ругеб.

Гьаб ишалъул хIикмат буго ТIадегIанав Аллагь жиндир къуват-гуч бергьарав, жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе рес бугев вукIингун цадахъ, гьев жиндир лагъзадерида гурхIулев, гьездаса тIаса лъугьулев вукIин баян гьаби. Гьединав гуч бергьарав ханас гьабураб гурхIел цIакъ жиндир асар лъугьунеб букIуна.

**10. Дур умматалъе вагIзалъун букIине дуца бице МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, وَإِذۡ نَادَىٰ رَبُّكَ مُوسَىٰٓ أَنِ ٱئۡتِ ٱلۡقَوۡمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٠
**дур БетIергьан Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **Муса аварагасда** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **ахIараб гIуж: Мун гьаб залимаб къавмалъухъе вачIа абун.** купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабурал ва лагъзаллъун ккун гIакъуба-къварилъи гьабун бануисраилазеги зулму гьабурал.

**11. ПиргIавнил къавмалъухъе а мун.** قَوۡمَ فِرۡعَوۡنَۚ أَلَا يَتَّقُونَ ١١
**Гьел Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса хIинкъулел гьечIо ва жидер зулму гьабиялдасаги руссулел гьечIо.** Ц1акъ гIажаибаб жо гьечIишха гьел Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъун гутIи?!

**12. Мусаца** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **абуна: Я дир БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**!** قَالَ رَبِّ إِنِّيٓ أَخَافُ أَن يُكَذِّبُونِ ١٢
**Х1акълъунго Дун хIинкъулев вуго гьез дун гьереси гьавилин ва дир рисалатги къабул гьабиларин абун.**

13. Цинги **дир керен-ракI цIакъ къварилъизе буго ва дида тIадаб рисалат тIобитIун кIалъазе дир мацIалдаги кIвезе гьечIо.** وَيَضِيقُ صَدۡرِي وَلَا يَنطَلِقُ لِسَانِي فَأَرۡسِلۡ إِلَىٰ هَٰرُونَ ١٣
**Дуца Гьарунихъе** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **чапар витIе.** Гьев дие квер бакъулевлъун гьаве дур рисалат гьеб залимаб къавмалда щвезабизе.

**14. Гьел къибтIиязул чи дица чIван вукIиндал, гьезул дидехун ццим бахъиги буго.** وَلَهُمۡ عَلَيَّ ذَنۢبٞ فَأَخَافُ أَن يَقۡتُلُونِ ١٤
**Гьез дун чIвала абунги хIинкъулев вуго,** жидехъе рисалат босун

вачIараб мехалъ.

قَالَ كَلَّا ۖ فَاذْهَبَا بِآيَاتِنَا ۖ إِنَّا مَعَكُم مُّسْتَمِعُونَ ﴿١٥﴾

**15. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Кисан мун гьез чIвалев!**
Мун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божун вукIа, гьезул хIалкIолародуещибгозаралгьабизе. **НужкIиявго пиргIавнихъе а дир мугIжизаталги росун. Х1акълъунго Дун нужгун цадахъ вуго. Нужеца бицунеб жо дида рагIула ва нужеца гьабулеб жоги дида бихьула.** Дун нужее квер бакъи гьабулевги вуго.

فَأْتِيَا فِرْعَوْنَ فَقُولَا إِنَّا رَسُولُ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٦﴾

**16. Нуж пиргIавнихъе ун гьеседа абе: «Х1акълъунго ниж руго кинабго гIаламалъулго БетIергьанлъун вугев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **расулал, гьес дуде ритIарал, мун битIараб нухалда ва хIакъаб диналда ахIизе.**

أَنْ أَرْسِلْ مَعَنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ ﴿١٧﴾

**17. Дуца нижгун цадахъ Бануисраилал гьаб Мисриялъул ракьалдаса къватIире риччай.**
Гьезие зулму гьаби те ва гьел Шамалъул ракьалда ине квал-квал гьабуге»-абун.
Муса ва Гьарун авараг عَلَيْهِمَا السَّلَامُ пиргIавнихъе рачIана ва ТIадегIанав Аллагьасул амруялда рекъон гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялде ахIана, хадуб Бануисраилал лагълъиялдаса тархъе абунги абуна.

قَالَ أَلَمْ نُرَبِّكَ فِينَا وَلِيدًا وَلَبِثْتَ فِينَا مِنْ عُمُرِكَ سِنِينَ ﴿١٨﴾

**18. ПиргIавница абуна: «Мун гьитIинаб лъимер бугеб мехалъ нижеца хьихьана гурищ, ва гIемерал соназ нижеда гьоркьовги вукIана гурищ?** Дуе нижеца гIемераб лъикIлъи гьабуна, мун нижеца хьихьун кIудиявги гIуна, гьаб дуца бицунеб жо кисан дуца босараб ва щиб амруги босун нижеда тIаде вачIарав?

وَفَعَلْتَ فَعْلَتَكَ الَّتِي فَعَلْتَ وَأَنتَ مِنَ الْكَافِرِينَ ﴿١٩﴾

**19. «Гьел нигIматал дуе кьун рукIаго дуца нижер чиги чIвана ва дуе гьабураб лъикIлъиялда инкарги гьабуна»-абун.**

قَالَ فَعَلْتُهَا إِذًا وَأَنَا مِنَ الضَّالِّينَ ﴿٢٠﴾

**20. Муса аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Гьеб иш дица гьабуна дун жагьилав вугеб мехалъ.**
Дида Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вахIюги рештIичIеб, дун аваразлъунги гьавичIеб мехалъ. Гьеб ишги дир хатIаъ букIана. Дие гьев чIвазе бокьун букIинчIо, гьеседа адаб малъизе бокьун букIана.

فَفَرَرْتُ مِنكُمْ لَمَّا خِفْتُكُمْ فَوَهَبَ لِي رَبِّي حُكْمًا وَجَعَلَنِي مِنَ الْمُرْسَلِينَ ﴿٢١﴾

**21. Цинги дун нужедаса хIинкъун лъутунги ана. Гьелдаса хадуб Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дие гIелму ва хIикмат кьуна ва**

**дун аварагзабаздаса عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьавуна.**
Дуде дун расуллъун витIун вуго: дуца иман лъуни мун хвасарлъизе вугин, дуца инкар ккуни дуе гьалаглъи букIизе бугин-абун.
Хадубги Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна:

وَتِلۡكَ نِعۡمَةٞ تَمُنُّهَا عَلَيَّ أَنۡ عَبَّدتَّ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٢٢

**22. Дуца дие нигIматал кьуна абун кин абулеб дир къавм Бануисраилал дуца лагъзаллъун ккун рукIаго!**
Гьеб жо дие нигIмат гьечIо. Дир къавм лагълъиялдаса тархьин буго дие нигIмат ва лъикIлъи.

قَالَ فِرۡعَوۡنُ وَمَا رَبُّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢٣

**23. Цинги пиргIавница гIамал кIодолъун ва чIухIун абуна:**
**«Щив вугев гьев дуца гьаб кинабго гIаламалъул бетIергьан вуго абулев чи»-абун.** «Дун вуго алагьилан» чIун вукIана пиргIавн. Гьедин вукIиндал гьев цIакъго чIухIана Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ бицараб жоялда гIенеккизе.

قَالَ رَبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا بَيۡنَهُمَآۖ إِن كُنتُم مُّوقِنِينَ ٢٤

**24. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Гьев вуго гьал зобалазулги ракьалъулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъаталъул БетIергьан.**
Жинца гьеб бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев. **Нужеда жо бичIунеб батани ва гIакъло-пикру бугел гIадамал нуж ратани гьаб амру нужеда лъазе тIадаб буго.**

قَالَ لِمَنۡ حَوۡلَهُۥٓ أَلَا تَسۡتَمِعُونَ ٢٥

**25. ПиргIавница жинда сверухъ ругел вазирзабазда абуна:**
**«Нужеда рагIулищ гьав чияс бицунеб жо?»-абун.** Дица гьасда гьикъулеб буго «БетIергьан»-щив абун, гьас дида гьесул цIар бицичIого, гьесул сипатал рицунел руго.

قَالَ رَبُّكُمۡ وَرَبُّ ءَابَآئِكُمُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٢٦

**26. Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Гьев вуго нужерги ва нужер умумузулги БетIергьан»-абун.**
Жинца нуж ва нужер умумул рижарав вуго гьев БетIергьан. Жинца рижулев, хьихьулев ва хвезарун, хадурги тIаде рахъинарулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго кинабго махлукъаталъул БетIергьан.

قَالَ إِنَّ رَسُولَكُمُ ٱلَّذِيٓ أُرۡسِلَ إِلَيۡكُمۡ لَمَجۡنُونٞ ٢٧

**27. ПиргIавнил ццим бахъана ва гьес абуна: «Х1акълъунго, гьав нужеда витIарав расул жундуца ккурав чи вуго»-абун.**
Гьесда «расул»-абиги гьев махсароде гьавураб рагIи букIана, гьесда ракI белъун, жинда сверухъ ругелги гьесда

тIад релъизе бокьана пиргIавние. Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَام гьесул ргIиялъ хисизавичIо ва жиндирго дагIват гьабун цоги хIужжа бицана:

**28. Мусаца абуна: «Машрикъалъулги, магърибалъулги, гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб кинабго махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев»-абун.** قَالَ رَبُّ ٱلْمَشْرِقِ وَٱلْمَغْرِبِ وَمَا بَيْنَهُمَآ إِن كُنتُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٢٨﴾

Щибаб къоялъ бакъ баккудаса баккун, бакъ терхьудаса тIерхьун, бакъ хьвадизабулев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер ва кинабго махлукъаталъул БетIергьан. **Нужеда гIакъло батани нужеда лъазе ккола гьаб гьунар ва къудрат жинца кинабго гIалам бижарав БетIергьанасул букIин.**

Цинги пиргIавнил бицине жо тIагIана, гьесул хIужжа-далилги букIинчIо. Жидер хIужжа тIагIарал залимзаби зулму гьабизе ротулелъул, пиргIавнги гьелда вортана ва ццим бахъун, хIинкъи кьун кIалъана.

**29. ПиргIавница абуна: «Дуца дун гурев цоги аллагь вуго абуни ва гьесие лагълъи гьабизе къасдги гьабуни, бичасхIаги, дица мун квешаб туснахъалде рехила»-абун.** قَالَ لَئِنِ ٱتَّخَذْتَ إِلَٰهًا غَيْرِى لَأَجْعَلَنَّكَ مِنَ ٱلْمَسْجُونِينَ ﴿٢٩﴾

**30. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام абуна: «Дун духъе баянаб хIужжагун вачIаниги рехилищ дун туснахъалъув»-абун.** قَالَ أَوَلَوْ جِئْتُكَ بِشَىْءٍ مُّبِينٍ ﴿٣٠﴾

**31. ПиргIавница абуна: «ВачIаха мун гьеб хIужаги бачун мун битIараб жо бицунев ватаниян»-абун.** قَالَ فَأْتِ بِهِۦٓ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٣١﴾

**32. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام жиндир гIанса гIодобе рехана ва гьеб кIудияб борохьлъун лъугьана.** فَأَلْقَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِىَ ثُعْبَانٌ مُّبِينٌ ﴿٣٢﴾

**33. Къвалакьеги лъун квер къватIибе бахъана ва гьеб жинда балагьаразе гвангъун нур балеблъун лъугьана.** وَنَزَعَ يَدَهُۥ فَإِذَا هِىَ بَيْضَآءُ لِلنَّٰظِرِينَ ﴿٣٣﴾

Бакъул гIадаб кунчIи бугеб, жинда бер балагьизе кIолареб гIадаб нур букIана.

**34. Цингиги пиргIавница иман лъезе къасд гьабичIо ва жинда сверухъ бугеб къавмалда абуна: «Гьав чи хIакълъунго сихIрочи вуго, жинца кутакалда гьеб сихIру гьабулеб гIелму лъазабурав ва гIадамал гуккизе къасд бугев»-** قَالَ لِلْمَلَإِ حَوْلَهُۥٓ إِنَّ هَٰذَا لَسَٰحِرٌ عَلِيمٌ ﴿٣٤﴾

**абун.** Гьаб рагIиги пиргIавница абуна жиндир къавмалъе Мусал عَلَيْهِ السَّلَامُ мугIжизаталъ асар гьабун, гьез Мусада иман лъезе гурин абун хIинкъун. Гьелда тIадеги пирг1авница абуна:

**35. Гьасие бокьун буго сихIроги гьабун нуж нужер ватIаналдаса къватIир къотIизе.** يُرِيدُ أَن يُخْرِجَكُم مِّنْ أَرْضِكُم بِسِحْرِهِۦ فَمَاذَا تَأْمُرُونَ ﴿٣٥﴾

**Нужеца щиб жо гьабеян дида абулеб гьав сихIрочиясе»-абун.** ПиргIавн кидаго гIадамазда мушавара гьабулев вукIинчIо, жиндир амру тIубазабулев вукIана. Гьаб мугIжизат бихьидалго гьев хIинкъана гIадамал Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ нахърилълъине гурин ва жинца хIал тамах гьабун, мушавара гьабулев гIадин кIалъана.

**36. ПиргIавнил къавмалъул церехъабаца абуна: «Дуца Мусаги Гьарунги дагьаб заманаялъ те.** قَالُوٓا۟ أَرْجِهْ وَأَخَاهُ وَٱبْعَثْ فِى ٱلْمَدَآئِنِ حَـٰشِرِينَ ﴿٣٦﴾

Гьезие тIубараб хIукму гьабуге. **шагьаразда чапарзаби рит1е жидеца гIадамал данде ахIулел.**

**37. Гьезда амруги гьабе духъе киналго лъикIал сихIручагIи рачун рачIа абун.** يَأْتُوكَ بِكُلِّ سَحَّارٍ عَلِيمٍ ﴿٣٧﴾

Кутакалда жидеда сихIру гьабизе лъалел ва жидеца Мусал сихIру хвезабулел.

ПиргIавница сихIрочагIи ракIаризе чапарзаби ритIана ва гIемераб гIалам данделъулеб жидер гIид къоялъ Мусаги عَلَيْهِ السَّلَامُ гьел сихIро чагIиги къец гьабизе риччазе руго абун кинабго халкъалда лъазабуна. Ибнукасирица абуна: гьеб букIана ТIадегIанав Аллагьасул хIикмат ва хIалкIолъи. Живго пиргIавн тIамуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб гIалам данде гьабизе ва гьеб кIудияб мажлисалда Мусаде عَلَيْهِ السَّلَامُ иман лъезе сихIрочагIиги тIамуна.

**38. Цинги гьел сихIручагIи данделъана жал данделъизе къотIи гьабураб къоялъ.** فَجُمِعَ ٱلسَّحَرَةُ لِمِيقَـٰتِ يَوْمٍ مَّعْلُومٍ ﴿٣٨﴾

ГIид къоялъул зухIаялъул гIуж букIана гьеб.

**39. Кинабго халкъалдехунги абуна: «Нуж данделъун ругищ?** وَقِيلَ لِلنَّاسِ هَلْ أَنتُم مُّجْتَمِعُونَ ﴿٣٩﴾

**40. Нилъ киналго сихIрочагIазда нахърилълъине руго гьел Мусадаса бергьани»-абун.** لَعَلَّنَا نَتَّبِعُ ٱلسَّحَرَةَ إِن كَانُوا۟ هُمُ ٱلْغَـٰلِبِينَ ﴿٤٠﴾

**41. СихIру гьабизе абун жал цере рачIиндал сихIручагIацаги пиргIавнида абуна:** فَلَمَّا جَآءَ ٱلسَّحَرَةُ قَالُوا۟ لِفِرْعَوْنَ أَئِنَّ لَنَا لَأَجْرًا إِن كُنَّا نَحْنُ ٱلْغَـٰلِبِينَ ﴿٤١﴾

**«Ниж Мусадаса бергьани нижее ажро букIине бугищ?»-абун.**

قَالَ نَعَمْ وَإِنَّكُمْ إِذًا لَّمِنَ ٱلْمُقَرَّبِينَ ﴿٤٢﴾

**42. ПиргIавница абуна: «БукIине буго. Х1акълъунго нуж бергьани нуж рукIине руго дида бищунго гIагарда рукIунеллъун»-абун.** Гьесда гIагар гьарурал гIадамал жидее бокьараб жоги кьолел, жидер къадроги гьабулел гIадамал рукIунаан.

قَالَ لَهُم مُّوسَىٰٓ أَلْقُوا۟ مَآ أَنتُم مُّلْقُونَ ﴿٤٣﴾

**43. Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезда абуна: «Нужеца цебе рехе нужерго сихIру гьабизе реххулеб алат»-абун.**

Дун нужер сихIруялдаса хIинкъун гьечIо ва дица гьеб батIул гьабизе буго. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божи букIиналъ абуна Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезда нужеца бай бихье сихIру гьабизе абун. Гьез гьабураб сихIру Мусаца хвезабураб мехалъ, гьелъул асар цIикIараб букIине гIологи абуна гьеб рагIи.

فَأَلْقَوْا۟ حِبَالَهُمْ وَعِصِيَّهُمْ وَقَالُوا۟ بِعِزَّةِ فِرْعَوْنَ إِنَّا لَنَحْنُ ٱلْغَـٰلِبُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Гьел сихIручагIаца жидерго кварал ва г1унсби гIодоре рехана ва жидеца абуна: «Х1акълъунго ПиргIавнил кIодолъиялдалъун ниж бергьине руго»-абун.** Гьезул кваразул ва гIунсбузул гIемерал борхьал руго абун кколеб сихIру букIана: Гьеб майданги, кIкIал-къоноги цIун рукIана борхьал цоцаде тIаде рахун цоцалъе жемун жунун унел.

فَأَلْقَىٰ مُوسَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِىَ تَلْقَفُ مَا يَأْفِكُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир гIанса гIодобе рехана. Гьелъул цIакъго кIудияб борохь лъугьун гьелъ сихIручагIазул сих1ру гьабурал кварал ва гIунсби къулчIун тIагIизаруна.**

فَأُلْقِىَ ٱلسَّحَرَةُ سَـٰجِدِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Гьеб мугIжизат бихьараб мехалъ киналго сихIрочагIи Мусаде цере суждаялда гIодор реч1чIана.**

Гьезда лъана Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьабураб жо сихIру гьечIеблъи ва гьел Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъана жал гьалаг гьарилин абун.

قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا بِرَبِّ ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴿٤٧﴾

**47. Гьезги абуна: «Нижеца иман лъуна гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ.**

رَبِّ مُوسَىٰ وَهَـٰرُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Мусалги Гьарунилги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ БетIергьанасда»-абун.**

Ай гьев Мусаца ва Гьаруница жинда иман лъеялда кинабго халкъ ахIулев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъуна нижеца абураб магIна буго гьаб

рагIиялъул.

**49. ПиргIавница абуна: «Нужеца гьесда иманищ лъолеб бугеб дидаса изнуги тIалаб гьабичIого ва дидаги гьикъичIого? Х1акълъунго гьев Муса вукIун вугоха нужер бищунго кIудияв, нужедаги сихIру малъарав чи.**

قَالَ ءَامَنتُمْ لَهُۥ قَبْلَ أَنْ ءَاذَنَ لَكُمْ إِنَّهُۥ لَكَبِيرُكُمُ ٱلَّذِى عَلَّمَكُمُ ٱلسِّحْرَ فَلَسَوْفَ تَعْلَمُونَ لَأُقَطِّعَنَّ أَيْدِيَكُمْ وَأَرْجُلَكُم مِّنْ خِلَٰفٍ وَلَأُصَلِّبَنَّكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٤٩﴾

**Нужеда нахъа лъазе буго дица гьабулеб гучаб гIазаб! Дица нужер кверaлги хIатIалги къотIила цояб квегIаб цояб кваранаб. Цинги, бичасхIаги, дица нуж киналго гъутIбузул гIаркъалабазде ран гьенир делизарун тела нуж хвезегIан»-абун.**

**50. СихIручагIаца абуна: «Нижее зарал гьабиларо гьел дур хIинкъи кьеяз.**

قَالُوا۟ لَا ضَيْرَ إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا مُنقَلِبُونَ ﴿٥٠﴾

**Х1акълъунго Ниж ТIадегIанав Аллагьасде руссине руго ва гьев тIаса лъугьиялда нижер божиги буго.**

**51. «Нижер хьул буго нижер бет1ергьанас нижер мунагьал чурилин.**

إِنَّا نَطْمَعُ أَن يَغْفِرَ لَنَا رَبُّنَا خَطَٰيَٰنَآ أَن كُنَّآ أَوَّلَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٥١﴾

Нижеца иман лъезегIан цере гьарурал сихIруялъул мунагьал чурилин абун хьулги буго: **«Ниж ругелъул гьаб къавмалдаса бищун цебе иман лъурал»-абун.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагIнат батарав пиргIавница жидеца сихIру гьабулел рукIарал гIадамал гIазаб гьабун хвезаруна. Бануисраилалги жиндир лагълъиялда чIезарун, бищунго захIматал хIалтIаби гьаризе т1амун, гьезие гIазаб гьабулеб букIана. Муса аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ дагIватги гьес босичIо, гьевгун цадахъ Бануисраилал Шамалда ричназеги разилъичIо.

**52. Дица Муса аварагасда عَلَيْهِٱلسَّلَامُ вахIю гьабун амру гьабуна мун Дир лагъзал Бануисраилалги рачун сардилъ вахъун ралъад бугеб рахъалде а!**

۞ وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَسْرِ بِعِبَادِىٓ إِنَّكُم مُّتَّبَعُونَ ﴿٥٢﴾

**Нужеда хадур жиндир боялги рачун пиргIавнги вачIине вугин абун:** Мисриялъул ракьалдаса къватIире риччачIого нуж чIван тIагIинаризе къасдги гьабун.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда нахъ вилълъун Муса авараг عَلَيْهِٱلسَّلَامُ жиндир къавмги бачун сардилъ къватIиве вахъана. Гьеб хабар пиргIавнида рагIарабго жинца боял данде ахIизе бай бихьана Бануисраилазда хадув ине. Т1адегIанав Аллагьас абулеб буго.

**53. Цинги пиргIавница боял данде ахIулел**

فَأَرْسَلَ فِرْعَوْنُ فِى ٱلْمَدَآئِنِ حَٰشِرِينَ ﴿٥٣﴾

**чапарзаби ритӀана жиндир шагьаразда.**

**54. Гьес абулеб букӀана: «Х1акълъунго гьал Бануисраилал дагьалго гӀадамал руго.** إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَشِرۡذِمَةٞ قَلِيلُونَ ٥٤

**55. Х1акълъунго гьел гӀадамаз нилъер цицим бахъизабун буго нилъер изноги гьечӀого Мисриялдасан лъутизе къасд гьабун.** وَإِنَّهُمۡ لَنَا لَغَآئِظُونَ ٥٥

**56. Нилъ киналго данделъун руго ва нилъ цӀакъ цӀодораб, хӀадураб къавм буго»-абун.** وَإِنَّا لَجَمِيعٌ حَٰذِرُونَ ٥٦

Нилъеца гьел рорчӀизе риччаларо Мисриялдаса къватӀире. Бануисраилазул анкьнусгоазар гӀадав чи вукӀана, гьедин бугониги пиргӀавница гьел дагьаллъун рикӀкӀана, гьесул къавм къибтӀиял цӀакъго гӀемерал рукӀиналъ.

ТӀадегӀанав Аллагьас абулеб буго:

**57. Дица гьеб пиргӀавнил къавм къватӀибе бахъизабуна жидер бечедал ахал ва гӀемерал лълъимал жалго тезарун.** فَأَخۡرَجۡنَٰهُم مِّن جَنَّٰتٖ وَعُيُونٖ ٥٧

**58. Жидеца данде гьабун букӀараб гӀарац-меседги, чӀухӀарал минабиги тезарун.** وَكُنُوزٖ وَمَقَامٖ كَرِيمٖ ٥٨

Гьабги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хӀикматаздаса кӀудияб хӀикмат бук1ана: ТӀадегӀанав Аллагьасе Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ хӀакъав расул вукӀин кинабго г1аламалда загьир гьабизе бокьараб мехалъ, гьес пиргӀавн тӀамуна жиндир улкаялда ругелщинал сихӀрочагӀи данде гьаризе ва кинабго гӀалам гӀид къоялъ цо майданалда бак1аризе. Гьеб г1аламалда цере аза-азарго сихӀрочи Мусада عَلَيْهِ السَّلَامُ цеве суждаялда чӀана ва жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ рисалат ритӀухъ гьабуна.

ТӀадегӀанав Аллагьасе бокьидалго жидеца иман лъечӀеб чӀухӀараб залимаб ва гӀасияб пиргӀавнил къавм гьалаг гьабизе, гьес живго пиргӀавн виччана жиндир къавмалъул боял данде ракӀаризе. Цониги сахав чи гъоркь течӀого къибтӀиязул боял данделъана. ПиргӀавнги, гьесул гӀакълочагӀи ва вазирзаби, рагъул церехъаби данделъун, гьел цере лъугьун Муса аварагасдаги عَلَيْهِ السَّلَامُ Бануисраилаздаги хадур лъугьине абун къватӀире рахъана. ТӀокӀалъ тӀадги руссинчӀо.

Жив вац1цӀадав ва ТӀадегӀанав вуго Аллагь! Жинца гьабулеб иш лъалев, гьелъул тадбир камил гьабулев, жиндир хӀикмат бергьарав ханги вуго кинабго гӀаламалъул БетӀергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.

**59. Гьеб пиргӀавнил къавм гьанкъизабун хадуб гьеб кинабго Мисриялъул ракь** كَذَٰلِكَۖ وَأَوۡرَثۡنَٰهَا بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٥٩

**жиндир ахал-хурзалгун, гІарац месед ва чІухІарал минабигун дица Бануисраилазе ирсалъе кьуна.**

فَأَتْبَعُوهُم مُّشْرِقِينَ ﴿٦٠﴾

**60. ПиргІавнил къавм Бануисраилазда хадубе гъезе гІагарлъана бакъ баккулеб гІужалъ.**

فَلَمَّا تَرَآءَا ٱلْجَمْعَانِ قَالَ أَصْحَٰبُ مُوسَىٰٓ إِنَّا لَمُدْرَكُونَ ﴿٦١﴾

**61. Гьеб кІиябго къавм цоял цоязда рихьулеб бакІалде щвараб мехалъ Мусал عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъ абуна: «Нилъеда хадур гъолел руго пиргІавнил къавм»-абун.**

قَالَ كَلَّآ ۖ إِنَّ مَعِىَ رَبِّى سَيَهْدِينِ ﴿٦٢﴾

**62. Муса аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Нужеда хадур гъеларо гьел!**
**Х1акълъунго дунгун цадахъ дир БетІергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго ва гьес дида хІакъаб нух бихьизабизе буго нилъ пиргІавнил къавмалдаса хвасарлъизе»-абун.**

فَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنِ ٱضْرِب بِّعَصَاكَ ٱلْبَحْرَ ۖ فَٱنفَلَقَ فَكَانَ كُلُّ فِرْقٍ كَٱلطَّوْدِ ٱلْعَظِيمِ ﴿٦٣﴾

**63. Цинги дица Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вахІю гьабуна ралъадалда дур гІанса кьабеян абун.**
Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабураб хІалалъ Мусаца ралъадалда тІаде гІанса кьабуна. **Гьеб ралъад бикь-бикьун ана ва щибаб къотІелги кІудияб мегІералда релълъун букІана.** Гьеб ралъадалда жаниб анцІила кІиго нух лъугьана ва Бануисраиазул анцІила кІиго батІияб кьибилалъул гІадамал цо-цо нухалдаса жанир лъугьана.

وَأَزْلَفْنَا ثَمَّ ٱلْءَاخَرِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Дица пиргІавнил къавм гьеб ралъадалда аскІоре рачана.**
Ва гьелги Бануисраилал жанире лъугьараб хІалалъ ралъдалье лъугьана.

وَأَنجَيْنَا مُوسَىٰ وَمَن مَّعَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ﴿٦٥﴾

**65. Дица Муса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва гьевгун цадахъ букІараб къавм цохІо чи хутІичІого ралъдалъан къватІире рахъинарун, гьел пиргІавнидаса ва гъанкъиялдаса хвасар гьаруна.**

ثُمَّ أَغْرَقْنَا ٱلْءَاخَرِينَ ﴿٦٦﴾

**66. Цинги дица цогидаб къавм ралъдалъ гъанкъизабуна.**
Тафсиралъул гІалимзабаца абуна: Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъул ахирав чи ралъдалъан къватІиве вахъиги пиргІавнил къавмалъул ахирав чи ралъдалье лъугьинги цадахъ ккана ва гьеб лахІзаталъ ТІадегІанав Аллагьас ралъад цоцаде тІаде биччана.
Бануисраилазул цо-цо гІадамал: «ПиргІавн гъанкъизе рес гьечІо,

гьев алагь вукIана»-абун кIалъалел рукIиндал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялдалъун ралъадалъ гьесул къаркъала Бануисраилазе бихьулеб бакIалда ралъдалъан къватIибе рехана ва киналго мукIурлъана гьеб къаркъала пиргIавнил букIиналда.

**67. ХIакълъунго гьаб Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ва пиргIавнил къисаялъулъ ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тушман пиргIавн гъанкъизе гьавиялъулъги** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٦٧﴾
**пикру гьабулел гIадамазе гIаламат буго жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулеб. Гьединаб гIаламат Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бихьизабуниги гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.**

**68. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир гуч бергьарав хан вуго:** وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿٦٨﴾
**Жинда гIасилъаразе гIазаб гьабулев, гьездаса ццим босулев вуго. Жинда мутIигIал муъминзабазда гурхIел цIоб кIудиявги вуго.**

**69. Дуца къавмалъе бице МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ хабарги.** وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ إِبْرَاهِيمَ ﴿٦٩﴾

**70. Гьев Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир имсуда ва къавмалда абураб гIуж бице:** إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِ مَا تَعْبُدُونَ ﴿٧٠﴾
**«Нужеца щиб жоялъе бугеб лагълъи гьабулеб?»-абун.** Ибрагьимиде лъалеб букIана гьез хъанчазе лагълъи гьабулеблъи. Гьеб жинда лъалеб букIаниги жинца гьезда гьикъиялъе гIилла букIана: «Щиб жоялъе нужеца лагълъи гьабулеб»-абун, гьез гьабулеб иш ахIмакъаб букIин гьезда бицизе ва гьезда лъазабизе жиндие лагълъи гьабизе тIадав хан цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин.

**71. Гьесул къавмалъ абуна: «Нижеца лагълъи гьабулеб буго хъанчазе. Нижеца кидаго гьезие лагълъи гьабизеги буго»-абун.** قَالُوا نَعْبُدُ أَصْنَامًا فَنَظَلُّ لَهَا عَاكِفِينَ ﴿٧١﴾

**72. Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Гьезда нужер гьаракьгIаги рагIулищ нужеца гьезда ахIараб мехалъ?** قَالَ هَلْ يَسْمَعُونَكُمْ إِذْ تَدْعُونَ ﴿٧٢﴾

**73. Гьез нужее кинабгIаги мунпагIат яги заралги гьабулищ?»-абун.** أَوْ يَنفَعُونَكُمْ أَوْ يَضُرُّونَ ﴿٧٣﴾

**74. Къавмалъ абуна: Нижеца хъанчазе лагълъи гьабулеб буго нижер умумул гьезие лагълъи гьабулел ратиялдалъун»-абун.** قَالُوا بَلْ وَجَدْنَا آبَاءَنَا كَذَٰلِكَ يَفْعَلُونَ ﴿٧٤﴾
Нижее гьез мунпагIатги гьабуларо, заралги гьабуларо. Ниж руго нижер

умумуз гьабулеб батараб дин гьабулел гIадамал абун.

Гьаб буго гьезул щибго хIужа-далил гьечIелъул бицараб рагIи. Гьадинаб хIал буго киналго гIелму-лъайги гьечIого, гIадамаз бицараб харбида нахърилълъун рукIунел гIадамазул хIал. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее кьураб гIакъло-пикруги хIалтIизабичIо, жидеда хIакъикъат лъалареб жо гьабулел руго гIемерисеб халкъ. Гьединго руго жал бусурбаби ругин абун ругел, жидер иман ва дин загIипал гIадамалги. Гьаб заманаялъ гьезул кIалдиб ругьунаб рагIилъун лъугьун буго «Нижер умумузул дин»-абурб рагIи. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин абураб рагIи хисун буго «Г1адат билъараб» (традиционный!) дин абураб рагIиялдалъун. Гьеб дин гьабиги жидер чIухIилъун рикIкIулеб буго. ХIакъикъияб, битIараб хIалалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин гьабеян абулел гIадамалги квешал чагIилъун рикIкIун руго!.

**75. Ибрагьимица عَلَيْهِالسَّلَامُ абуна: «Гьал хьанчал щал жал ругеб бич1чIулищ нужеда?** قَالَ أَفَرَءَيْتُم مَّا كُنتُمْ تَعْبُدُونَ ﴿٧٥﴾

**76. Нужецаги, нужер цересел умумузги жидее лагълъи гьабулел,** أَنتُمْ وَءَابَآؤُكُمُ ٱلْأَقْدَمُونَ ﴿٧٦﴾

нужерго квераз гьарурал хьанчал гьечIищ гьел? Жидер щибго гьунар гьечIел, жидеда щибго жо бихьуларел ва рагIуларел.

**77. Х1акълъунго гьел хьанчал дир тушбаби руго, дица гьезие лагълъи гьабуларо.** فَإِنَّهُمْ عَدُوٌّ لِّيٓ إِلَّا رَبَّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٧٧﴾

**Кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев цох1о Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабила дица лагълъи.**

**78. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца дун вижарав ва жинца дун хIакъаб нухда тIовитIулев.** ٱلَّذِى خَلَقَنِى فَهُوَ يَهْدِينِ ﴿٧٨﴾

Гьал хьанчал гьечIо жидеца жо бижулел ва хIакъаб нухда тIоритIулел.

**79. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца дун хьихьулев: дие тIагIамги лълъимги кьолев Разикъ.** وَٱلَّذِى هُوَ يُطْعِمُنِى وَيَسْقِينِ ﴿٧٩﴾

**80. Дун унтараб мехалъ дие дару-сабаб гьабулевги гьев БетIергьан Аллагь вуго.** وَإِذَا مَرِضْتُ فَهُوَ يَشْفِينِ ﴿٨٠﴾

**81. Дун хвезавулев, ахираталда чIаго гьавун тIаде вахъизавулевги гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго.** وَٱلَّذِى يُمِيتُنِى ثُمَّ يُحْيِينِ ﴿٨١﴾

**82. Къиямасеб къоялъ дир мунагьал чурила абун жинда божи ва хьул бугевги гьев** وَٱلَّذِىٓ أَطْمَعُ أَن يَغْفِرَ لِى خَطِيٓـَٔتِى

يَوْمَ ٱلدِّينِ ﴿٨٢﴾
**Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.**

رَبِّ هَبْ لِي حُكْمًا وَأَلْحِقْنِي بِٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٨٣﴾
**83. Я дир БетIаргьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дие гIелму лъай кьун дун хIакъаб дин гьабулевлъун гьаве ва жидеда мун разиял лъикIал муъминзабазда нахъ регIизавун, гьелгун цадахъ гьаве.**

وَٱجْعَل لِّي لِسَانَ صِدْقٍ فِي ٱلْآخِرِينَ ﴿٨٤﴾
**84. Дуца дун хун хадубги гIадамазда гьоркьоб дир цIар лъикIаб, ритIухъаб жоялдалъун рехсолеблъун гьабе.**

ТIадегIанав Аллагьас гьав Ибрагьим авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ киналго диназда жанив жив рехсолевлъун гьавуна ва киналго умматазул муъминзаби гьесул диналда нахърилълъунеллъунги гьаруна.

وَٱجْعَلْنِي مِن وَرَثَةِ جَنَّةِ ٱلنَّعِيمِ ﴿٨٥﴾
**85. Дуца дун нигIматазул алжанал ирсалъе росулездасаги гьаве.**

وَٱغْفِرْ لِأَبِي إِنَّهُۥ كَانَ مِنَ ٱلضَّآلِّينَ ﴿٨٦﴾
**86. Дуца дир инсул мунагьал чуре,** гьев иманалда тIовитIе!
**Х1акълъунго гьев жал къосарал гIадамалгун цадахъ хъанчие лагълъи гьабулездаса вуго.**

وَلَا تُخْزِنِي يَوْمَ يُبْعَثُونَ ﴿٨٧﴾
**87. Дуца дун х1акъир гьавуге кинабго халкъ тIаде бахъинабулеб къоялъ.**

يَوْمَ لَا يَنفَعُ مَالٌ وَلَا بَنُونَ ﴿٨٨﴾
**88. Жиндилъ лъималаз ва боцIи-малалъ щибго мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ дун гIодогIан гьавуге.**

إِلَّا مَنْ أَتَى ٱللَّهَ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ ﴿٨٩﴾
**89. БетIергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ цеве купру-ширкалдаса, нипакъалдасан ва хIасадгин щцим бахъиялдаса ракI бацIцIадавлъун вачIарав муъминчиясе гьесул иманалъ ва лъикIаб гIамалалъ гурони цоги щибго жоялъ мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ.**

Гьаб бакIалда Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дугIа тIубана. Гьаб дугIа жинда хадусел умматазул муъминзабаца гьабизе гIоло гьабураб буго. Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дугIаялъе ТIадегIанав Аллагьас жавабги гьабуна «дир имсул мунагьал чуре»-абураб рагIи хутIизегIан. Гьесул эмен иман лъечIого хведал, гьеб дугIаялъе жаваб гьабуларо. Имсуца иман лъеялда хьуллъун гьабураб дугIа букIана Ибрагьим аварагасги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ. Хадуб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъазабидал гьесул эмен мушриказдаса вугин абун, Ибрагьимица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ имсуе лъикIаб дугIа гьабичIо.

Т1адегІанав Аллагьас ахираталъул ахІвалал баян гьарун абулеб буго:

**90. Гьеб къиямасеб къоялъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тІалаб гьабун, гьесул гІазабалдаса хІинкъун хьвадарал муъминзабазда алжан гІагар гьабула.** وَأُزْلِفَتِ ٱلْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِينَ ﴿٩٠﴾

**91. Къосараб капураб къавмалъе жужахІги загьир гьабун гьезда цебе бачуна.** وَبُرِّزَتِ ٱلْجَحِيمُ لِلْغَاوِينَ ﴿٩١﴾

Гьеб къоялъ муъминзаби цІакъ роххун жидер гьурмал нурлъун гвангъулеллъун рукІула. Капурзабиги цІакъ хІинкъун, пашманлъун жидер гьурмал чІегІерлъун рукІула.

**92.93. Капурзабазда бадиб чІвай гьабун абула: «Жакъа кирехха арал нужеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ живго тун жидее лагълъи гьабулел рукІарал алагьзаби?** وَقِيلَ لَهُمْ أَيْنَ مَا كُنتُمْ تَعْبُدُونَ ﴿٩٢﴾ مِن دُونِ ٱللَّهِ هَلْ يَنصُرُونَكُمْ أَوْ يَنتَصِرُونَ ﴿٩٣﴾

**Гьез нужее квербакъи гьабулеб бугищ? Яги гьезие жидерго напсаздасагІаги гІазаб нахъчІвазе кІолеб бугищ?-абун.** Гьел капурзабаца щибго жаваб кьоларо.

**94. Цинги гьел капурзабиги, гьез жидее лагълъи гьабурал алагьзабиги бетІер бехе гьабун жужахІалда жанире реххула.** فَكُبْكِبُوا۟ فِيهَا هُمْ وَٱلْغَاوُۥنَ ﴿٩٤﴾

**95. Киналниги иблисалъул боялги гьеб жужахІалда реххула.** وَجُنُودُ إِبْلِيسَ أَجْمَعُونَ ﴿٩٥﴾

**96. Гьеб жужахІалда жанир цо-цалъ къацандулел рукІун капурзабаца абула:** قَالُوا۟ وَهُمْ فِيهَا يَخْتَصِمُونَ ﴿٩٦﴾

**97. Таллагьи, ниж цІакъ къосараллъун рукІун руго.** تَٱللَّهِ إِن كُنَّا لَفِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٩٧﴾

**98. Нижеца халкъул гІаламалъулго БетІергьанасда цадахъ алагьзабилъун ккун, нужее лагълъи гьабулеб букІиналъ.** إِذْ نُسَوِّيكُم بِرَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٩٨﴾

**99. Ниж къосизарурал гІадамалги нижер церехъаби гурого гьеч1о**, ханзаби, хІакимзаби руго. Гьез берцин бихьизабуна нижее купру ва гІасилъаби. وَمَآ أَضَلَّنَآ إِلَّا ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿٩٩﴾

**100. Жакъа нижее шапагІат гьабулев чи гьечІо.** فَمَا لَنَا مِن شَٰفِعِينَ ﴿١٠٠﴾

Дунялалда нижеца алагьзабилъун ккун гьезул шапагІаталда божун рукІарал хъанчалги, цогидал алагьзабиги жакъа нижгун цадахъ жужахІалда жанир руго.

**101. Нижеда ракІ бухІарав гьудул-гьалмагъги гьечІо, нижее кумек гьабизе кІолев.** وَلَا صَدِيقٍ حَمِيمٍ ﴿١٠١﴾

فَلَوۡ أَنَّ لَنَا كَرَّةٗ فَنَكُونَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ١٠٢

**102. Вай аман Аллагь, ниж гьанже дунялалда тIад руссинарулел анищ, нижги муъминзабилъун рукIине!-абун.**

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗۖ وَمَا كَانَ أَكۡثَرُهُم مُّؤۡمِنِينَ ١٠٣

**103. Х1акълъунго Гьаб жужахIалъул агьлуялъул хабаралъулъги гIакълопикру бугел гIадамал кантIизе гIураб гIаламат буго. Киниги гIемерисел гIадамал жидеца пикру гьабуларел ва иман лъоларел руго.**

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ١٠٤

**104. Х1акълъунго дур БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, капурзабазе гIазаб гьабизе жиндир гуч бергьарав, муъмизабазда гурхIел-рахIмоги гIемерав вуго.**

Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб хех гьабуларо ва жиндир лагъзадерида гурхIун, гьез тавбо гьабизе бокьун, гьезие гIазаб гьабичIого тун букIуна. Гьел лагъзал купру-ширкалда даимлъун жидее гIазаб гьаби хIакъаллъун лъугьиндал ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гIазаб гьабизе къадар гьабураб заман щведал, гьеб гIазаб нахъчIвазе кIолев щивго чи вукIуларо.

Гьаб хIукму бичIчIизе тIадаб буго жидеца иманги лъурал, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъабиги гьарулел гIадамазда. Гьез тавбо гьабизе ккола, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъун гьесие гIибадат гьабиялдаги руссизе ккола. Нагагь тавбо гьабичIого Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадар тIаде щвани гьезие жужахIалъул гIазаб букIин хIакъаб жо буго. Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадарги инсанасе лъалареб балъголъи буго. БахIарав херав чи ватIа гьавулареб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ азалияб хIукму буго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги тавбо гьабизе ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хьвадизе.

كَذَّبَتۡ قَوۡمُ نُوحٍ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ١٠٥

**105. НухIил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъги аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна.**

НухI авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьереси гьави киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьари буго ва гьел аварагзаби ритIарав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кквей буго.

إِذۡ قَالَ لَهُمۡ أَخُوهُمۡ نُوحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ١٠٦

**106. Гьеб къавмалда жидер** насабалъул **вац НухIица абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасиилъизе хIинкъуларищ?-абун.** Нужеца хъанчие лагълъи гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гIазаб гьабулеблъи лъаларищ нужеда ва нуж гьеб гIазабалдаса хIинкъуларищ?

إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٠٧﴾

**107. ХІакълъунго дун вуго нужеда гурхІун нужее хІакъаб жо бицулев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул. Дица гьереси бицунеб гьечІо, хиянатги гьабулеб гьечІо.**

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٠٨﴾

**108. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хІинкъа ва дие мутІигІлъе.**

Гьаб дица гьабулеб вагІза къабул гьабун, хъанчие лагълъи гьаби жибго тун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гІибадат бацІцІад гьабе.

وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٠٩﴾

**109. Дица нужедаса ужра-мухь тІалаб гьабулеб гьечІо**. Гьаб рисалат нужехъе щвезабиялда данде. **Дие бугеб ажро-кири дир БетІергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ тІад буго, цоги чиясда гьечІо.**

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١١٠﴾

**110. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хІинкъа ва дие мутІигІлъе!»-абун.**

ТІадегІанав Аллагьас гьаб аят такрар гьабуна гьаб бакІалда ва хадур ругел къисабазулъги, гьеб Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хІинкъи ва гьесул расулазда мутІигІлъи букІиналъе гІоло бищунго кІвар бугеб масъала.

۞ قَالُوا أَنُؤْمِنُ لَكَ وَاتَّبَعَكَ الْأَرْذَلُونَ ﴿١١١﴾

**111. НухІил къавмалъ абуна: «Нижеца дуда иманищ лъолеб, дуда нахърилълъарал чагІи гІодогІанал пакъирзабигурони гьечІеб мехалъ?-абун.**

Гьеб къавмалъул ахІмакълъи загьир гьабуна жидер рагІиялъ. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гІибадат гьабиялда ахІулев расул НухІида عَلَيْهِ السَّلَامُ гьез абулеб буго дуда иман лъурал гІадамал мискинзаби гурого гьечІилан, гьелгун цадахъ муъминзабилъун ниж кин рукІинел абун.

قَالَ وَمَا عِلْمِي بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١١٢﴾

**112. НухІица абуна: «Дун гьечІо гьел гІадамазул гІамал ва гьезул хІал цІехолев чи.**

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурав чи муъминчи вукІин лъала дида. Гьесул бечелъи-мискинлъи яги ракІалда жаниб бугеб ният дида лъаларо.

إِنْ حِسَابُهُمْ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّي لَوْ تَشْعُرُونَ ﴿١١٣﴾

**113. Гьезул хІисаб-мизан гьаби дир БетІергьан Аллагьасда буго.** Гьесда лъала гьезул балъгоял ва загьирал хІалал. **Гьаб амру нужеда бичІулеб батани нужеца иман лъе.**

وَمَا أَنَا بِطَارِدِ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١٤﴾

**114. Дун гьечІо дида иман лъун аскІор рачІарал муъминзаби рачахъулев чилъун.**

**115. Дун гьечIо дида тIад къараб хIалалъ Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **гIассилъарал гIадамазе хIинкъи кьолев расул гурони.** إِنۡ أَنَا۠ إِلَّا نَذِيرٞ مُّبِينٞ ١١٥

**116. НухIил къавмалъ иман лъезе къасдго гьабичIо. Гьез абуна: «Дуца ниж Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо гьавиялда ахIиги, нижер хъанчие лагълъи гьаби ахIмакъаб иш буго абиги течIони, нижеца мун ганчIал речIчIун чIвазе вуго»-абун.** قَالُواْ لَئِن لَّمۡ تَنتَهِ يَٰنُوحُ لَتَكُونَنَّ مِنَ ٱلۡمَرۡجُومِينَ ١١٦

**117.** Цинги НухI аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хьул къотIана жиндир къавмалъ иман лъеялдаса ва гьес къавмалъе квешаб дугIа гьабуна. **НухIица абуна: « Я дир БетIергьан! Дир къавмалъ дун гьереси гьавуна.** قَالَ رَبِّ إِنَّ قَوۡمِي كَذَّبُونِ ١١٧

**118. Дуца гьездаги дидаги гьоркьоб дуего бокьарб хIукму гьабе ва дур гIадлоялдалъун ва гурхIелалдалъун дунги дида цадахъ ругел муъминзабиги гьезул купру-ширкалдаса ва зулмуялдаса хвасар гьаре»-абун.** فَٱفۡتَحۡ بَيۡنِي وَبَيۡنَهُمۡ فَتۡحٗا وَنَجِّنِي وَمَن مَّعِيَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ١١٨

**119. Дица гьев НухI авараг** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзаби хвасар гьаруна гIадамаз ва цогидаб рухIчIаголъиялъ ц1езабун бугеб гамида тIад рекIизарун.** فَأَنجَيۡنَٰهُ وَمَن مَّعَهُۥ فِي ٱلۡفُلۡكِ ٱلۡمَشۡحُونِ ١١٩

**120. Цинги гъоркь хутIараб капураб къавм дица тIупан тIун гъанкъизабуна.** ثُمَّ أَغۡرَقۡنَا بَعۡدُ ٱلۡبَاقِينَ ١٢٠

**121. Х1акълъунго гьаб НухIил** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **къисаялъулъги буго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Киниги гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗۖ وَمَا كَانَ أَكۡثَرُهُم مُّؤۡمِنِينَ ١٢١

**122. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, жинда инкар ккуразе гIазаб гьабизе гуч бергьарав, жинда иман лъуразе гухIел-рахIму гIемерав хан вуго.** وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ١٢٢

**123. ГIáдил** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **къавмалъги аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьаруна.** كَذَّبَتۡ عَادٌ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ١٢٣

**124. Гьезул** насабалъул **вац Гьудица** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **жидеда абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса хIинкъуларищ?** إِذۡ قَالَ لَهُمۡ أَخُوهُمۡ هُودٌ أَلَا تَتَّقُونَ ١٢٤

إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٢٥﴾
**125. Х1акълъунго дун вуго Аллагьас ﷻ нужехъе витӀрав дида божизе бегьулев, нужее хиянат гьабулерев расул.**

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٢٦﴾
**126. Нуж Аллагьасдаса ﷻ хӀинкъа ва дие мутӀигӀлъе!**

وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٢٧﴾
**127. Дица нужедаса щибго мухь тӀалаб гьабулеб гьечӀо гьаб рисалат нужехъе щвезабиялда данде. Кинабго гӀамалалъул ужра-мухь дир БетӀергьан Аллагьасда ﷻ тӀад буго, цоги щивго чиясда гьечӀо.**

أَتَبْنُونَ بِكُلِّ رِيعٍ آيَةً تَعْبَثُونَ ﴿١٢٨﴾
**128. Нужеца щибаб борхатаб бакӀалда мина балеб буго жиб борхатаб ва кӀудияб, гьеб мина баялдасан щибго мунпагӀатги гьечӀого!**

Гьеб ГӀадил къавм букӀана щибго хӀажат гьечӀониги гӀадамал хьвадулел шагьранухалда аскӀор кӀудиял, чӀухӀарал ва щулиял минаби (хъулби) ралел. Гьеб гӀададисеб хӀалтӀи гьабун нужерго боцӀи-малги ва заманги щай хвезабулеб абун гӀайиб чӀвана гьезда Гьуд аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ .

وَتَتَّخِذُونَ مَصَانِعَ لَعَلَّكُمْ تَخْلُدُونَ ﴿١٢٩﴾
**129. Нужеца щулиял, кутакал кӀалгӀабиги ралел руго, нуж хвезего гьечӀеб гӀадин ва даимго дунялалда рукӀине ругеб гӀадин.**

وَإِذَا بَطَشْتُمْ بَطَشْتُمْ جَبَّارِينَ ﴿١٣٠﴾
**130. Нужеца цо чиясда кьабизе ккараб мехалъ гурхӀел гьечӀел залимзабаца гӀадин кьабулеб буго.**

Пахру-Рази абулев гӀалимас абуна: ТӀадегӀанав Аллагьас Гьудил къавм ГӀадилазе лъабго сипат гьабуна: чӀахӀиял минаби рай, щибго хӀажалъиги гьечӀого. Гьеб буго исрапчилъи ва кӀодолъи, тӀадегӀанлъи бокьи. Щулиял кӀалгӀаби рай буго жал хвезе гьечӀо абун ракӀалда ккей. Гьеб буго дунял бокьи, ахират кӀочон букӀин. Залимзабазул пиша гьаби жидер кӀодолъи ва гуч бихьизаби буго. Гьаб лъабго сипат буго Аллагьасдаса ﷻ хӀинкъи гьечӀел, ахираталда иман лъоларел гӀадамазул сипатал. Жегиги гьел сипатал руго жал Аллагьасул ﷻ лагъзаллъун рукӀиналдаса рахъун, «алагьзаби руго жалин»-абун гьезда ракӀалда кколеб букӀиналъул гӀаламат.

Хадубги Гьудица жиндир къавмалда абуна:

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٣١﴾
131. Нужеца гьел квешал гӀамалал те! **Нуж Аллагьасул ﷻ гӀазабалдаса хӀинкъа ва дие мутӀигӀлъун Аллагь ﷻ цо гьаве!**

**132. Нуж хIинкъа гьев БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса гьал гIемерал ва кIудиял, нужеда жал рихьулел ва лъалел нигIматал нужее кьурав.** وَاتَّقُوا الَّذِي أَمَدَّكُم بِمَا تَعْلَمُونَ ﴿١٣٢﴾

**133.134. Нужее боцIи-малги васалги кьурав, ахал-хурзал, иццал-лъаралги кьурав.** أَمَدَّكُم بِأَنْعَامٍ وَبَنِينَ ﴿١٣٣﴾ وَجَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ﴿١٣٤﴾

**135. Х1акълъунго дун хIинкъун вуго нуж гьеб хIалалъ иман лъечIого, тавбо гьабичIого хвани, нужеда жиндир хIинкъи гучаб къиямасеб къоялъул гIазаб щвела абун.** إِنِّي أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿١٣٥﴾

ГЬудил къавмалъе гьесул вагIзаялъ щибго асар гьабичIо, гьезул рекIелъе хIинкъиги рехичIо, иманги лъугьичIо.

**136. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижее щибго бат1алъи гьечIо: дуца нижее вагIза гьабуниги, вагIза гьабичIого таниги.** قَالُوا سَوَاءٌ عَلَيْنَا أَوَعَظْتَ أَمْ لَمْ تَكُن مِّنَ الْوَاعِظِينَ ﴿١٣٦﴾

**137. Гьеб дуца бицунеб жо гьечIо цересел гIадамаз ургъарал гьересиял харбал гурони.** إِنْ هَٰذَا إِلَّا خُلُقُ الْأَوَّلِينَ ﴿١٣٧﴾

**138. Нижее ахират букIине гьечIо ва гьениб гIазабги гьабизе гьечIо»-абун.** وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ﴿١٣٨﴾

**139. Гьуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام къавмалъ гьев гьереси гьавуна ва дица гьеб къавмги гьалаг гьабуна.** فَكَذَّبُوهُ فَأَهْلَكْنَاهُمْ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٣٩﴾

Гучаб гьорол гIазаб биччана гьезда тIаде:
жиб свер-сверун пулеб, жибгун цадахъ цIоройги бугеб гьури букIана гьеб. Бакъвараб гъветIалъул тIамах гIадин гьороца эхеде росун унел рукIана гьел гIадамал цинги ракьалда рортун тIутIун унел рукIана. Гьединаб гучаб гIазаб гьезие гьабуна жал цIакъ чIухIарал, гучал ва залимал гIадамал рукIин сабаблъун.

**Х1акълъунго гьаб ГIáдил къавмалъул къисаялъулъги буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел жидеца пикру гьабуларел ва иман лъоларел руго.**

**140. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жинда гIасилъараздаса рецIел босизе ц1акъ гуч бугев, жиндие мутIигIлъаразда гурхIелги гIемерав хан вуго.** وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿١٤٠﴾

**141. Самудиязул къавмалъги аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَام** كَذَّبَتْ ثَمُودُ الْمُرْسَلِينَ ﴿١٤١﴾

**гьереси гьаруна.**

**142. Гьел Самудиязда жидер вац СсалихIица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъизе хIинкъуларищ?** إِذۡ قَالَ لَهُمۡ أَخُوهُمۡ صَٰلِحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ١٤٢

**143. Дун вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеда витIарав дица гьереси бицуларев ва хиянат гьабуларев расул.** إِنِّي لَكُمۡ رَسُولٌ أَمِينٞ ١٤٣

**144. Нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьаве ва дун расул вукIин ритIухъ гьабе. Нуж диеги мутIигIлъе!** فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ١٤٤

**145. Дица нужедаса ужра тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин щвезабиялъухъ. Дие ажро ва кири гIаламалъул БетIергьанав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ буго, цоги щивго чиясда гьечIо.** وَمَآ أَسۡـَٔلُكُمۡ عَلَيۡهِ مِنۡ أَجۡرٍۖ إِنۡ أَجۡرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٤٥

**146. Нужеда ракIалдайищ кколеб нуж гьаб дунялалда рукIине ругин абун, щибго хIинкъи- къварилъи гьечIого, хвелги гьечIого.** أَتُتۡرَكُونَ فِي مَا هَٰهُنَآ ءَامِنِينَ ١٤٦

**147. Ахал- хурзалгун лълъимал-иццалгун.** فِي جَنَّٰتٖ وَعُيُونٖ ١٤٧

**148. БатIи-батIиял рекьулел нигIматалгун, гьуинаб чамастакил ахалгун.** وَزُرُوعٖ وَنَخۡلٖ طَلۡعُهَا هَضِيمٞ ١٤٨

ГIалимзабаца абуна: Самудиязул ракь букIана ах-хур гIемераб, лълъим гьуинаб гьава-бакъ рекъараб. Гьедин букIиналъ Самудиялги рахIат-лазаталда рукIана, ракъи-къеч бихьичIого бечедго рукIана. Гьедин даимго рукIунаро нужан абулеб буго гьезда СсалихIица: нуж хвезе рукIин лъай, нужер БетIергьан вукIинги лъай, гьел гIемерал нигIматазда щукруги гьабе.

**149. Нужеца мугIрулги рорлъун кутакал, чIухIарал минабиги ралел руго нужер гуч бихьизабизе.** وَتَنۡحِتُونَ مِنَ ٱلۡجِبَالِ بُيُوتٗا فَٰرِهِينَ ١٤٩

**150. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа ва дие мутIигIлъе!** فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ١٥٠

**151. Жидеца мунагь гьабулел ва гIадада, чIухIдае боцIи хвезабулел хIакимзабазе мут1иг1лъуге,** وَلَا تُطِيعُوٓاْ أَمۡرَ ٱلۡمُسۡرِفِينَ ١٥١

**152. ракьалда тIад пасалъаби гьарулел, лъикIаб гIамал гьабуларел квешаб** ٱلَّذِينَ يُفۡسِدُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا يُصۡلِحُونَ ١٥٢

**къокъаялда нахъги рильлъунге.**

قَالُوٓاْ إِنَّمَآ أَنتَ مِنَ ٱلۡمُسَحَّرِينَ ١٥٣

**153.** Самудияз гьесул вагIзаялда гIинго тIамичIо ва гьев сан гьавичIого гIодовегIан гьавун, гьез абуна:

**«Х1акълъунго мун вуго цо гIадамаз сихIроги гьабун гIадаллъизавурав чи.** Дуца бицулеб жо нижеда ццебехун рагIичIеб, гIадалав чияс бицулеб хабар буго. Мун авараг кин вукIунев?

مَآ أَنتَ إِلَّا بَشَرٞ مِّثۡلُنَا فَأۡتِ بِـَٔايَةٍ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ١٥٤

**154. Мун вуго нижедаго релълъарав инсан. Мун авараг вуго абураб рагIиялъулъ ритIухъав ватани цо мугIжизат бачун вачIаха нижее»-абун.**

ГIалимзабаца абуна: СсалихIил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъ гьесдаса тIалаб гьабуна анцIго сон бараб къинаб варани баккизабе нижее гьаб пуланаб кьурулъан къватIибе ва гьеб нижедаги бихьун къинлъизеги гьабе абун. СсалихI авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ цIакъ пашманлъун, ургъалилъ ккун гIодов ч1ун вукIаго гьесухъе Жабраил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ малаик вачIана ва гьес абуна: дуца кIиго ракагIат как бай, цинги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаре гьеб къавмалъ тIалаб гьабулеб варани кье дуеян-абун. СсалихIица гьедин гьабуна ва доб къавмалъ тIалаб гьабураб хIалалъ кьурулъан къватIибе бачIун къинаб вараниялъ гьезда цебе тIинчI гьабуна.

قَالَ هَٰذِهِۦ نَاقَةٞ لَّهَا شِرۡبٞ وَلَكُمۡ شِرۡبُ يَوۡمٖ مَّعۡلُومٖ ١٥٥

**155. СсалихIица** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Гьале нужее варани. Гьаб вараниялъ гьекъезе буго иццул лъим цо къоялъ. цогидаб къоялъ нужеца гьекъезе буго.**

وَلَا تَمَسُّوهَا بِسُوٓءٖ فَيَأۡخُذَكُمۡ عَذَابُ يَوۡمٍ عَظِيمٖ ١٥٦

**156. Нужеца гьеб вараниялъе щибго къварильиги гьабуге. Нагагь нужеца гьелъие къварилъи гьабуни нужеда цIакъ гучаб гIазаб щвезе буго»-абун.**

Гьеб варани дагьаб заманаялъ жидеца парахат тун букIана. Гьелъул рахьги бечIун гьелдаса мунпагIатги босулеб букIана. Цинги жидеда гьеб вараниялъе цо къоялъ лълъим тей чIалгIана ва жидер бахьикъосарал гIадамалгун ургъун варани чIвазе хIукму гьабуна.

فَعَقَرُوهَا فَأَصۡبَحُواْ نَٰدِمِينَ ١٥٧

**157. Цинги жидеца гьеб варани хъуна.**

Цоги гIалимзабаца абуна: ЧIорал речIун чIвана абун. Гьеб варани хъурав чи Къудар абун вукIана, амма гьеб хъвезе киналго разилъун рукIана. **Гьеб хъун хадуб жал цIакъ пашманлъунги лъугьана.** Гьеб букIана жидеда гIазаб рештIинилан абун хIинкъун бугеб пашманлъи, гьеб букIинчIо жидер мунагьалда ракI бухIун тавбо

гьабураб пашманлъи.

فَأَخَذَهُمُ ٱلۡعَذَابُۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗۖ وَمَا كَانَ أَكۡثَرُهُم مُّؤۡمِنِينَ ١٥٨

**158. Цинги гьел Аллагьасул ﷻ гIазабалъ ккуна ва гьалаг гьаруна.**
Кутакаб гьаракьалъ ракь багъаризабун, ракIал кьватIун хун гIодоре ккана, зодиса ганчIалги речIчIана гьезда тIад. **Х1акълъунго гьаб Самудиязул къисаялъульги Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат буго гIакъло-пикру бугел гIадамазе. Амма гIадамазул гIемерисел иман лъоларел руго.**

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ١٥٩

**159. Х1акълъунго дур БетIергьан Аллагь МухIаммад ﷺ, жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел гIемерав хан вуго.**
Жинда гIасилъаразе гIазаб гьаби гучав вуго, жинда иман лъуразе гурхIел гьабиги к1удияв вуго.

كَذَّبَتۡ قَوۡمُ لُوطٍ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ١٦٠

**160. ЛутIил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъги аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна.**

إِذۡ قَالَ لَهُمۡ أَخُوهُمۡ لُوطٌ أَلَا تَتَّقُونَ ١٦١

**161. Гьеб къавмалда жидер вац ЛутIица абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъуларищ гьесда гIассилъизе?**

إِنِّي لَكُمۡ رَسُولٌ أَمِينٞ ١٦٢

**162. Х1акълъунго дун вуго Аллагьас ﷻ нужеда витIарав, дица хиянат гьабуларев, дида божилъи бугев расул.**

فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ١٦٣

**163. Нуж Аллагьасдаса ﷻ хIинкъа ва дие мутIигIлъе!**

وَمَآ أَسۡـَٔلُكُمۡ عَلَيۡهِ مِنۡ أَجۡرٍۖ إِنۡ أَجۡرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٦٤

**164. Гьеб Аллагьасул ﷻ диналда нуж ахIанин абун дица нужедаса ужраги тIалаб гьабулеб гьечIо. Гьеб ужра дие кьезе кинабго гIаламалъул БетIергьанас тIаде босун буго.**

أَتَأۡتُونَ ٱلذُّكۡرَانَ مِنَ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٦٥

**165. Нуж бихьиназда аскIорищ лъугьулел жимагI гьабизе, цониги халкъалъ гьабичIеб къабихIаб пишаги гьабун.**

وَتَذَرُونَ مَا خَلَقَ لَكُمۡ رَبُّكُم مِّنۡ أَزۡوَٰجِكُمۚ بَلۡ أَنتُمۡ قَوۡمٌ عَادُونَ ١٦٦

**166. Нужеца жалго толел руго** чIужулъун ячине ва жимагI гьабизе **Аллагьас ﷻ нужее рижарал руччаби. Нуж цIакъ гIорхъолъан ун къосараб ва пасадаб къавм буго.** ХIайваназцин гьабулареб къабихIаб пиша

буго нужеца гьабулеб.

**167. ЛутIил** عَلَيْهِ السَّلَامُ **къавмалъ абуна: «Мун нахъе къан чIечIони я ЛутI, гьеб дуца бицунеб хабаралдаса, нижеда гьоркьоса мун нахъе къотIизе вуго»-абун.** قَالُوا۟ لَئِن لَّمْ تَنتَهِ يَـٰلُوطُ لَتَكُونَنَّ مِنَ ٱلْمُخْرَجِينَ ﴿١٦٧﴾

**168. ЛутIица абуна: «Х1акълъунго дун нужеца гьабулеб гIамалалда цIакъ ццим бахъарав ва нужедаса рикIкIадав вуго.** قَالَ إِنِّى لِعَمَلِكُم مِّنَ ٱلْقَالِينَ ﴿١٦٨﴾

**169. Я дир БетIергьан! Дуца дунги дир агьлоги гьаб къавмалъ гьабулеб къабихIаб пишаялдаса цIуне!»-абун.** رَبِّ نَجِّنِى وَأَهْلِى مِمَّا يَعْمَلُونَ ﴿١٦٩﴾

**170. Дица гьев ЛутIги** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьесда иман лъураб агьлоги киналго хвасар гьаруна.** فَنَجَّيْنَـٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ﴿١٧٠﴾

**171. Гьесул херай чIужу хутIана жал гьалаг гьаруразда гьоркьой.** إِلَّا عَجُوزًا فِى ٱلْغَـٰبِرِينَ ﴿١٧١﴾

Гьей ЛутIил гьалбадерихъе квешаб къавм ахIулей йикIана ва гьеб къавмгун цадахъ гьалаг гьаюна.

**172. Цинги нахъе хутIарал дица кутакаб г1азабалдалъун гьалаг гьарун тIагIизаруна.** ثُمَّ دَمَّرْنَا ٱلْـَٔاخَرِينَ ﴿١٧٢﴾

**173. Дица гьезда тIаде ганчIазул цIадги базабуна. Ц1акъ квешаб цIад букIана гьеб, аварагас хIинкъи кьураб мехалъ гьесда мутIигIлъичIеб ва гьев гьереси гьавураб къавмалъе.** وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَسَآءَ مَطَرُ ٱلْمُنذَرِينَ ﴿١٧٣﴾

**174. Х1акълъунго гьаб ЛутIил** عَلَيْهِ السَّلَامُ **къавмалъул къисаялъульги буго жидеца пикру гьабулел гIадамазе Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва хIужжа. Амма гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.** إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٧٤﴾

**175. Х1акълъунго дур БетIергьан Аллагь МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел гIемерав хан вуго.** وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٧٥﴾

**176. «АсхIабул-айкат»-абулеб къавмальги гьереси гьаруна аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ**.** كَذَّبَ أَصْحَـٰبُ لْـَٔيْكَةِ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿١٧٦﴾

**177. Гьеб къавмалда ШугIайб аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ إِذْ قَالَ لَهُمْ شُعَيْبٌ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٧٧﴾

**гIазабалдаса хIинкъуларищ гьеса гIасилъезе?**

**178. Х1акълъунго дун вуго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужеда витIарав, дица хиянат гьабуларев, дида божилъи бугев расул.**

إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ۝١٧٨

**179. Нуж Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъа ва дие мутIигIлъе!.**

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ۝١٧٩

**180. Дица нужедаса мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **дин щвезабунин абун. Дие ажро кьезе буго кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ.

وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ۝١٨٠

**181. Нужеца жиндалъун тIощел ва цогидаб жо боцулеб къали цIезабе ва тIубазабе, ва нуж рукIунге цIадиро-къалиялдаса жо дагь гьабулеллъун.**

۞ أَوْفُوا الْكَيْلَ وَلَا تَكُونُوا مِنَ الْمُخْسِرِينَ ۝١٨١

**182. ЦIалеб жоги ритIарал цIадирабаздалъун цIай.**

وَزِنُوا بِالْقِسْطَاسِ الْمُسْتَقِيمِ ۝١٨٢

**183. ГIадамазе кколеб хIакъги мукъсан гьабуге:**
цIадиро-къалиялдалъун бугониги, гуккун, хIал гьабун ккун бугониги. **Ва нуж ракьалда тIад квешал пасалъаби гьарулеллъунги рукIунге.**

وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ۝١٨٣

**184. Жинца нужги, цере арал киналго умматалги рижарав Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасилъизеги хIинкъа-абун.**

وَاتَّقُوا الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالْجِبِلَّةَ الْأَوَّلِينَ ۝١٨٤

**185.** ШугIайбил عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмалъги гьев гьереси гьавуна, гьесда иман лъезе къасдги гьабичIо. Гьев авараг гIодовегIан гьавун **жидеца абуна: «Х1акълъунго мун вуго цо гIадамаз сихIроги гьабун гIадаллъизавун, дуца бицунеб жо дудаго лъаларого гаргадулев чи»-абун.**

قَالُوا إِنَّمَا أَنْتَ مِنَ الْمُسَحَّرِينَ ۝١٨٥

**186. Мун нижго гIадав инсан гурого гьеч1о,** авараг вукIине ккани дур нижедаса щибго тIокIлъиги гьечIо. **Нижеда ракIалда кколеб буго мун гьереси бицунев чи вугин абун.**

وَمَا أَنْتَ إِلَّا بَشَرٌ مِثْلُنَا وَإِنْ نَظُنُّكَ لَمِنَ الْكَاذِبِينَ ۝١٨٦

**187. Авараг вугин абун дуца битIараб бицунеб батани, нижеда тIаде зобалъул цо къотIел бортизабеха!-абун.**

فَأَسْقِطْ عَلَيْنَا كِسَفًا مِنَ السَّمَاءِ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ۝١٨٧

**188. ШугIайбица عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъикI лъалев вуго нужеца гьабулеб гIамал.** قَالَ رَبِّيٓ أَعۡلَمُ بِمَا تَعۡمَلُونَ ﴿١٨٨﴾

Нужее жазаъги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе буго: гьесие бокьани гьеб зодил къотIелги бортизабила нужеда тIаде. Дида тIадаб иш буго нуж Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда ахIи.

**189. Гьеб къавмалъ ШугIайб авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьереси гьавуна. Цинги гьелги гьалаг гьаруна бецIаб накIкIалъул гIазабалдалъун.** فَكَذَّبُوهُ فَأَخَذَهُمۡ عَذَابُ يَوۡمِ ٱلظُّلَّةِۚ إِنَّهُۥ كَانَ عَذَابَ يَوۡمٍ عَظِيمٍ ﴿١٨٩﴾

ГIалимзабаца абуна: ШугIайбил къавм кутакалда бакъ багIарун, хIохьел цIазе кIолареб хIал лъугьун, рукъоса къватIире рахъун алахалда ана. Цинги гьезда тIаде цо бецIаб накIкI бачIана ва бакъул бухIиялдаса лъутун, киналго гьеб накIкIалъул рагIдукье руссана. Гьеб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ накIкIалдаса къватIибе гьезда тIаде цIа беччана ва гьелги цIаялъ рухIана. ЦIадул гIазаб цIакъ гучаб букIунелъул, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«ХIакълъунго Гьеб гIазаб букIана жиндилъ хIинкъи ва къварилъи кIудияб къоялъул гIазаб»-абун.**

**190. ХIакълъунго гьаб ШугIайб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмалъул къисаялъулъ буго гIакъло бугел гIадамазе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул къудрат кIудияб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Гьедин бугониги гIемерисел гIадамал жидеца иман лъоларел руго.** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗۖ وَمَا كَانَ أَكۡثَرُهُم مُّؤۡمِنِينَ ﴿١٩٠﴾

**191. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жиндир гуч бергьарав ва жив гурхIулев хан вуго.** وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٩١﴾

Гьаб бакIалда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул ракI парахат гьабизе ва гьесул умматалъе вагIзалъунги букIине Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бицараб аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ анкьго къиса тIубана. Хирияв хIабиб МухIаммадил хIурмат гьабун гьесул уммат жидеца кигIан кIудиял мунагьал гьаруниги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьарун тIагIизаричIого толел руго. Гьеб нигIмат нилъее букIун гурони, цIакъ кIудиял мунагьал ва пасалъаби ракьалда тIад тIиритIун ругониги гьадин берцинго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ хьихьиларoан.

**192. ХIакълъунго гьаб хирияб Къуръан буго кинабго гIаламалъул БетIергьанас рештIизабураб,** وَإِنَّهُۥ لَتَنزِيلُ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿١٩٢﴾

**жинца гIадамал гIажиз гьарулеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам.**

**193. Гьеб босун МухIаммад аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ Жабраил عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ малаик вачIана, зобалазул божарав чапарлъун жив вугев.** نَزَلَ بِهِ ٱلرُّوحُ ٱلۡأَمِينُ ١٩٣

**194. Дур ракIалда гьеб Къурьан рештIизабуна МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ гIадамазе хIинкъи кьолездаса мун вукIизе.** عَلَىٰ قَلۡبِكَ لِتَكُونَ مِنَ ٱلۡمُنذِرِينَ ١٩٤

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккуразе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъун вукIизе, гьесда иман лъурал муъминзабазе алжаналъул рохел бицулевлъунги вукIизе.

**195. Жиб пасихIаб ва баянаб гIараб мацIалда рештIизабуна гьаб Къурьан.** بِلِسَانٍ عَرَبِيّٖ مُّبِينٖ ١٩٥

Дудехун къецандулел инкарчагIазул хIужжа къотIизабизе. Гьезда жинда релълъараб гьабизе кIолареб мугIжизатлъунги букIизе.

**196. ХIакълъунго гьаб Къурьаналъул бицен цересел умматазда рештIизарурал тIахьазда жанибги буго.** وَإِنَّهُۥ لَفِي زُبُرِ ٱلۡأَوَّلِينَ ١٩٦

**197. Маккаялъул мушриказе гьаб Къурьан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат буго гурищ гьелъул хабар Бануисраилазул гIалимзабазда лъалеб букIин!** أَوَلَمۡ يَكُن لَّهُمۡ ءَايَةً أَن يَعۡلَمَهُۥ عُلَمَٰٓؤُاْ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ١٩٧

**198. Дица гьаб Къурьан цо гIажамияв чиясда рештIизабун букIарабани.** وَلَوۡ نَزَّلۡنَٰهُ عَلَىٰ بَعۡضِ ٱلۡأَعۡجَمِينَ ١٩٨

**199. Цинги гьев чияс Маккаялъул агьлоялъе гьебги цIалун букIарабани, гьез иман лъезе букIинчIо.** فَقَرَأَهُۥ عَلَيۡهِم مَّا كَانُواْ بِهِۦ مُؤۡمِنِينَ ١٩٩

Гьеб цIакъ чIухIараб агьло букIиналъ, кигIан пасихIго ва берцинго гIажамияс гьеб Къурьан цIаланиги, гьелда иман лъезе букIинчIо.

**200. Гьединго дица гьаб Къурьан лъугьизабуна капурзабазул ракIазулъги.** كَذَٰلِكَ سَلَكۡنَٰهُ فِي قُلُوبِ ٱلۡمُجۡرِمِينَ ٢٠٠

Гьезда гьеб цIализе лъала, гьелъ бицунеб жоги бичIчIула гьеб пасихIаб букIин ва жал гIажиз гьарулеб жо букIинги лъала.

**201. Амма гьез Къурьаналда иман лъоларо, жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб бихьун гурони.** لَا يُؤۡمِنُونَ بِهِۦ حَتَّىٰ يَرَوُاْ ٱلۡعَذَابَ ٱلۡأَلِيمَ ٢٠١

Гьеб буго къиямасеб къо ва гьеб къоялъ иман лъунин абун гьезие щибго пайдаги букIуларо.

**202. Гьеб къиямасеб къоги гьезда тIаде тохлъукьего бачIизе буго ва гьезда щибго лъалеб жоги букIизе гьечIо.** فَيَأۡتِيَهُم بَغۡتَةٗ وَهُمۡ لَا يَشۡعُرُونَ ﴿٢٠٢﴾

Тавбо гьабизе ва лъикIаб гIамал гьабизе ресги букIизе гьечIо.

**203. Цинги гьел капурзабаца абизе буго ниж дагьалъ нахъе рахъун толарищ,** нижеца иман лъезе ва лъикIаб гIамал гьабизеян абун. فَيَقُولُواْ هَلۡ نَحۡنُ مُنظَرُونَ ﴿٢٠٣﴾

**204. Дунялалда гьел капурзаби жидеца гIазаб хех бачIин тIалаб гьабулеллъунищ ругел.** أَفَبِعَذَابِنَا يَسۡتَعۡجِلُونَ ﴿٢٠٤﴾

Гьелда божичIого, гьеб махсароде гьабун. Гьеб гIазаб жидее хIакълъараб мехалъ гьеб нахъе бахъеян гьардолел руго.

**205. Дуца пикру гьабе МухIаммад** ﷺ**: Дица гьел капурзабазе гIемерал соназул гIумру кьуниги;** сах-саламат, нигIматал кьун гьел таниги. أَفَرَءَيۡتَ إِن مَّتَّعۡنَٰهُمۡ سِنِينَ ﴿٢٠٥﴾

**206. цингиги гьезие гьабизе хIакъаб гIазаб гьабулеб гIуж гьезда тIаде бачIараб мехалъ;** ثُمَّ جَآءَهُم مَّا كَانُواْ يُوعَدُونَ ﴿٢٠٦﴾

**207. гьезие щибго мунпагIат гьабизе гьечIо гьеб халатаб гIумруялъги гIемерал нигIматазги.** مَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يُمَتَّعُونَ ﴿٢٠٧﴾

Ай: капурзабаца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабичIеб мехалъ, кигIан халат гьел чIаго ругониги гьезие гIазаб гьабизе буго. ГIумру халалъанагIан, нигIматал гIемерлъанагIан капурзабазул гIасилъаби цIикIкIизе руго ва гьеб сабаблъун гьезие гьабулеб гIазабги гучлъизе буго.

**208. Дица цониги росдал агьло гьалаг гьабичIо, гьезие хIинкъи кьолев аварагвит1ун хадуб гурони.** وَمَآ أَهۡلَكۡنَا مِن قَرۡيَةٍ إِلَّا لَهَا مُنذِرُونَ ﴿٢٠٨﴾

**209. Гьеб гьалаг гьариги дица гьабула хадусел умматазе вагIзалъун букIине.** ذِكۡرَىٰ وَمَا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ﴿٢٠٩﴾

**гьалаг гьарурал къавмазе дица щибго зулмуги гьабичIо.** Гьезухъе аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIун, хIакъаб динги малъун, хIужжа-далилги бачун, хадуги гьез иман лъечIеб мехалъ гьаруна гьел гьалаг.

**210. Гьаб Къуръан щайтIабаца босун бач1араб гьечIо.** وَمَا تَنَزَّلَتۡ بِهِ ٱلشَّيَٰطِينُ ﴿٢١٠﴾

Гьеб босун жинда божарав зобалазул чапар Жабраил вачIана.

**211. Гьезда рекъараб гьечIо вахIю босун рачIизе ва гьезул гьелда хIалкIолъиги гьечIо.** وَمَا يَنۢبَغِي لَهُمۡ وَمَا يَسۡتَطِيعُونَ ﴿٢١١﴾

**212. Х1акълъунго гьел нахъчIварал руго зобалазда бицулеб хабар жидеда рагIиялдаса.** إِنَّهُمۡ عَنِ ٱلسَّمۡعِ لَمَعۡزُولُونَ ﴿٢١٢﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витIилелде цере гьел щайтIабаца зодиса хабаралда гIинтIамун, цинги гьеб хабаралда гьоркьоб гьересиги жубан, жидеда нахърилълъарал гIадамазе гьеб хабар бицулеб букIана гьеб жо вахIю бугин абун. Хирияв авараг ﷺ витIун хадур гьел нахъчIвана зодире рахиялдаса ва гьениб бицунеб жо рагIиялдаса. Гьедин бугелъул щайтIабаца Къуръан босун бачIунгутIи чIчIезабулеб лъабго кIудияб хIужжа ва далил буго:

1) Гьел руго жидеца гIадамал къосизарулел, гьеб ишалда тIад чIарал, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъарал капурзаби; щайтIаби жинца гIадамал хIакъаб диналда тIоритIулеб Къуръан босун рачIин гIакълуяллъго къабул гьабулареб иш буго.
2) ЩайтIаби гьеб амру тIубазе къасд гьабун лъугьаниги (Къуръан рештIизабизе), гьезда гьеб иш гьабизе кIоларо. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир калам ва шаригIат цIунун буго щайтIабаца ва цогидал жалаз жиб хисизе ва сверизабиялдаса.
3) Нагагь Къуръаналда гIенеккизе ва гьеб рештIизабизеян щайтIаби зодире рахулел рукIаралани, гьенире рахиялдасаги гьел нахъчIварал руго ва гьезда цохIо хIарпги гьеб Къуръаналъул рагIуларо.

**213. Дуца гьев Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ щибго жоялъе лагълъи гьабуге! Гьедин лагълъи гьабуни мунги жидее гIазаб гьабулел мушрикалгун цадахъ вукIуна.** فَلَا تَدۡعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَتَكُونَ مِنَ ٱلۡمُعَذَّبِينَ ﴿٢١٣﴾

Гьаб хитIаб буго аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьабураб, амма гьаб хитIабалдалъун мурад буго гьесул уммат. Аварагас ﷺ ширк гьабуларебльи жиб якъинго лъалеб жо буго, гьесда «дуца ширк гьабугеян» абиги жиндир умматалъе гIоло абураб рагIи букIула.

**214. Дуца хIинкъи кье дурго гIагарал кьолбол гIадамазе!** وَأَنذِرۡ عَشِيرَتَكَ ٱلۡأَقۡرَبِينَ ﴿٢١٤﴾

Гьезда лъазабе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бац1цIад гьабичIев чиясе жужахIалъул гIазаб букIизе бугин абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда «Дурго гIагарал гIадамазе хIинкъи кье»-абун абиялъул хIикмат буго: гIадамазда ракIалда ккечIого букIине гьев аварагас жиндир гIагарлъиялъе бигьалъи гьабулеб бугин абун. Хирияв аварагас ﷺ жиндирго напсалъе ва гIагарал гIадамазе цIакъго къвакIараб амру гьабулеб букIин бихьараб мехалъ, цогидал

гIадамаз. гьесда иман лъезе ва гьесие мутIигIлъизе хехлъи гьабула. Жидеда Аллагь разилъаял имамзабаца бицараб хIадисалда буго: *«Гьаб аят жинда рештIинабураб мехалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир гIагарлъи данде гьабуна ва гьес абуна: «Я Къурайшиязул жамагIат! Нужеца напсал ричун росе нужер БетIергьан Аллагьасдаса. Дида кIоларо Аллагьасда* ﷻ *аскIоб нужее щибго квербакъи гьабизе. Я ГIабдулмут1алибил лъимал! Нужее квербакъи гьабизеги кIоларо дида Аллагьасул* ﷻ *гIазаб тIаде щвани. Я ГIаббас ГIабдулмут1алибил вас! Дуе квербакъи гьабизеги кIоларо дида Аллагьасул* ﷻ *гIазаб дуда щвараб мехалъ. Я Сафият! Расулуллагьасул* ﷺ *имсул яц! Дуе квербакъи гьабизеги кIоларо дида. Я ФатIимат! МухIаммадил яс! гьаб дунялалъул яшавалдаса дуего бокьараб жо гьаре дидаса. Аллагьасул* ﷻ *гIазаб дуде щолеб бугони дуе квербакъи гьабизеги кIоларо дида»*-абун.

وَٱخۡفِضۡ جَنَاحَكَ لِمَنِ ٱتَّبَعَكَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٢١٥﴾

**215. Дуда нахърилълъарал муъминзабазе гурхIелалъул кваркьи тIибит1е дуца МухIаммад** ﷺ**!** Гьездехун хIалимав, хIеренав вукIа.

فَإِنۡ عَصَوۡكَ فَقُلۡ إِنِّي بَرِيٓءٞ مِّمَّا تَعۡمَلُونَ ﴿٢١٦﴾

**216. Гьел гIадамал дуе мутIигIлъиялдаса рахъун дуда гIасилъун чIани, дуца гьезда абе: «Х1акълъунго дун вац1цIадав вуго нужеца гьабулеб гIамалалдаса»-абун.**

ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда ﷺ лъазабулеб буго жиндир рисалат къабул гьабулелги ва гьеб нахъчIвалелги гIадамал рукIизе рукIин. Гьезулгун жинца гьабизе кколеб хурхенги баян гьабулеб буго: дуда иман лъун мунгун цадахъ Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бац1цIад гьабулел муъминзабазда гурхIел-рах1мо гьабе, гьездехун хIеренаб тамахаб бухьенги гьабе. Дуда инкар ккурал гIадамал дуца дорегIан къазарун те ва гьезда абе нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нужеего букIизе бугин абун.

وَتَوَكَّلۡ عَلَى ٱلۡعَزِيزِ ٱلرَّحِيمِ ﴿٢١٧﴾

**217. Дур киналго ишазулъ дуца таваккал тIаме МухIаммад** ﷺ**, жиндир гуч бергьарав ва гурхIел гIемерав БетIергьан Аллагьасда** ﷻ**.**

ٱلَّذِي يَرَىٰكَ حِينَ تَقُومُ ﴿٢١٨﴾

**218. Дуца гьабулеб гIибадат бихьулев: мун гьесие как базе вахъун чIараб мехалъги;**

وَتَقَلُّبَكَ فِي ٱلسَّٰجِدِينَ ﴿٢١٩﴾

**219. ва дуца жамагIатгун цадахъ рукугI-сужда гьабун как балеб мехалъги.**

إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ﴿٢٢٠﴾

**220. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва лъалев.**

هَلۡ أُنَبِّئُكُمۡ عَلَىٰ مَن تَنَزَّلُ ٱلشَّيَٰطِينُ ﴿٢٢١﴾

**221. Дица дуда бицилищ МухIаммад ﷺ, щайтIаби жидер гьересияб вахIю босун лъиде рештIулеблъи?**

تَنَزَّلُ عَلَىٰ كُلِّ أَفَّاكٍ أَثِيمٖ ﴿٢٢٢﴾

**222. Гьел рештIула бищунго жидер гьересиги капурлъиги бергьарал къосарал гIадамазда.**

يُلۡقُونَ ٱلسَّمۡعَ وَأَكۡثَرُهُمۡ كَٰذِبُونَ ﴿٢٢٣﴾

**223. Гьел щайтIабаца жидеда рагIараб жо гьезул гьудулзаби кагьанатазда реххула ва гьезул г1емерисел жодоца гьереси бицунел руго.** Гьереси бицун жал гIалимзаби руго, балъгояб жо лъалел чагIи руго абун жидеца гIадамал гуккулел, «гIадамазул щайтIаби»-руго гьел кагьанатал. Гьез абула жидеца жундул кIалъазарулин, хваразул рухIал рачIулин жидехъе хабар бицине, жидее сихIручагIазул сихIру хвезабизе кIолин. Гьел кагьанатазда божун гьезухъе хьвадулел бусурманал гIадамалги рукIуна. Гьал кIиялго жужахIалъул агьлу буго, Аллагьас ﷻ жидее тавбо гьабизе тавпикъ кьечIого гьеб батIулаб гIамалалда жал хвани. Щай гурелъул гьеб х1алт1и гьабиги, гьезухъе инги капурлъулеб иш бугелъул.

Маккаялъул мушрикаца хирияв аварагасда ﷺ гьев шигIручи вугин абидал, ТIадегIанав Аллагьас гьезул рагIи гьереси гьабун баян гьабулеб буго гьев шигIручи гьечIеблъи ва гьесда нахърилълъаралги къосарал чагIи гьечIеблъи.

وَٱلشُّعَرَآءُ يَتَّبِعُهُمُ ٱلۡغَاوُۥنَ ﴿٢٢٤﴾

**224. ШагIирзабазда нахърилълъуна жал къосарал гIадамал.**

Гьез шагIирзаби ккола жидер мажлис берцин гьабулеллъун, жидее рекIел гьей гьабулеллъун. Муъминзаби нахърилълъуларо шагIирзабазда. Жидер гIакъло камилал жидеда Аллагь ﷻ лъалел гIадамал гьел шагIирзабаздаса рикIкIад чIола.

أَلَمۡ تَرَ أَنَّهُمۡ فِي كُلِّ وَادٖ يَهِيمُونَ ﴿٢٢٥﴾

**225. Дуда рихьуларищ ва лъаларищ МухIаммад ﷺ, х1акълъунго гьел шагIирзаби рукIин кинабго бат1улаб бакIалда гьоркьор лъугьулеллъун.**

Жидеда лъалебги лъаларебги жо бицуна гьез. Гьересиги бицуна. Цо чи жакъа жидеца веццула, метер гьевго чи какула. Гьезие щибго ничги букIуларо жидеца бицунеб жоялъул. Гьедин бугелъул гьезда кIола хIакъаб жо батIулаблъун бихьизабун кIалъазе ва батIулаб жо хIакъаблъун бихьизабун кIалъазеги. Гьаб сипат жидее букIиналдалъун гьел шагIирзаби шаргIалда какарал гIадамал руго.

وَأَنَّهُمۡ يَقُولُونَ مَا لَا يَفۡعَلُونَ ﴿٢٢٦﴾

**226. Ва х1акълъунго Гьез жидеца гьабулареб**

**жоги гьабулин абун бицуна.**

Гьал сипатал жидее ругел шагIирзабазул чи вукIунищха авараг ﷺ? Аллагьас ﷻ расуллъун витIарав чи вук1ула киналго тIабигIатал берцинав, жинда божарав, жиндир гьереси ва хиянат букIуларев.

إِلَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَذَكَرُوا۟ ٱللَّهَ كَثِيرًا وَٱنتَصَرُوا۟ مِنۢ بَعْدِ مَا ظُلِمُوا۟ ۗ وَسَيَعْلَمُ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوٓا۟ أَىَّ مُنقَلَبٍ يَنقَلِبُونَ ﴿٢٢٧﴾

**227. Гьел шагIирзаби квешал гIадамал руго: жидеца тавбоги гьабун, Аллагьасда ﷻ иман лъун, лъикIаб гIамалалда жал руссарал гIадамал хутIизегIан. Жидеца Аллагьаги ﷻ гIемер рехсолел, исламалъе зарал гьабулел рукIин жибго тун гьеб исламалъе квер бакъулеллъун ва капурзабиги мушрикалги какулеллъун лъугьарал. Жидеца зулму гьабулел гIадамазда нахъа лъазе буго кинаб квешаб гIазабалъ жал кколеблъи ва кинаб квешаб руссунеб бакI жидее бугеблъиги.** Гьел жидеца зулму гьабулел гIадамазда гьоркьор ккола шагIирзабиги.

ШигIруялъул хIакъикъат буго гьеб букIин инсанас бицунеб каламалъул цо тайпа. Гьеб щигIру лъикIаб бугони лъикIаб букIула, квешаб бугони квешабги букIула. ТIадегIанав Аллагьас щигIруги щагIирзабиги какиялъул хIикмат буго гьеб щигIруялъул гIемерисеб жиб х1арамаб, шаргIалда данде ккелареб букIин.

Гьеб шигIруялда жаниб гIорхъолъан араб рецц гьаби яги каки букIула. ШагIирасда к1ола бищунго цIумахIав, хIалихьатав чи багьадурлъун вихьизавизе, бахилав, хъантIарав, сутурав чи цIакъ сахаватав чилъун вихьизавизе. Вац1 цIадав, гIадилав чи пасикъав, чорокавлъун вихьизавизе. Гьел шагIирзабаца жидее гIарац кьурав чи зобалазда вахизавула, гьесие рецц бакъ гьабун. Цинги жидер гьесда ццим бахъараб къо бачIани гьев зодиса восун жужахIалъул тIиналдаги рехула. Гьал ва цогидалги шаргIалда хIарам гьарурал умурал хIалтIизарула шагIирзабаца.

Аллагьас ﷻ иманалда тIовитIарав, Аллагьги ﷻ аварагги ﷺ вокьарав чияс хъвалел берцинал назмаби гьел шигIручагIазул шигIруялда гьоркьор кколаро. Аллагьасул ﷻ махлукъаталъул пикру гьабун абурал рагIаби, Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьабулел мужагьидал ва шагьидзабазе рецц гьабун абулел рагIабиги муъминзабазул иман цIикIиналъе сабаблъун рукIула.

Аллагьас ﷻ хIакъаб диналда ва битIараб нухда чIезареги.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун Сурату ЩугIараалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 27. Сурату Ннамль

سُورَةُ النَّمۡلِ

*Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб ункъоялда анцIила лъабго аят бугеб.*

*Гьаб суратги Мккаялда рештIизарурал суратаздаса бугелъу, жинца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIин, гьесул аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ хабар бицунеб буго. Ахират букIин ва гьениб хIисаб-мизанги алжан-жужахIги букIин бицунеб буго. ГIалимзабаца абуна: Гьаб лъабго сурат гьел рештIизариялъулъги цояб цоялда хадур рачIарал руго ва гьезул аяталги аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къисаби рицун, гьелдалъун гIадамал иман лъеялда ахIиялда тIад чIей гьабурал ругин абун. Гьеб лъабго сурат буго: «сурату ЩугIараъ, сурату Ннамль ва суратул Къасас».*

*Хирияб Къуръан аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ бугеб мугIжизат букIин бицун, гьеб къиямасеб къо чIезегIан умматал тIоритIулеб нур букIинги баян гьабун хадуб, ТIадегIанав Аллагьас аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къисаби рицана. Дагьабго бицен гьабун Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ, Ссалих1 аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва ЛутI аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къиса бицана, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда жидер къавмал ахIулаго гьезда щвараб къварилъиги бицана. Хадуб гIатIид гьабун бицана Давуд аварag عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва гьесул вас Сулайман аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къиса Сулейман аварагасулги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Сабаъ абулеб ракьалъул хан Билкъисил къисаги бицана.*

*Гьаб Сулейман аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къисаялда жаниб ишара буго жидехъ ханлъи ва бечелъи бугел гIадамаз гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кIудияб нигIмат Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун харж гьабизе ва хьвадизабизе тIадаб букIиналда. Гьедин гьабулел гIадамал жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разиял, жидее тIокIлъи бугел гIадамал рукIуна: Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабулел ва лъикIаб нухда магIишат харж гьабулел рукIун. Гьединго гьаб сураталда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъаталъулъ ругел гIаламатал ва далилал баян гьарун руго.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго гьелда жаниб цIунцIраялъул хабар бицун букIиналъ «сурату Ннамль»-абун. ЦIунцIраялъул сурат. Сулайман аварагасе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рухI чIаголъабазул калам лъазабун букIиндал, гьесда цIунцIраялъ жиндир боязда абулеб жо рагIана ва Сулайманица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щукру ва рецц гьабуна жив гьев лъалевлъун вижун вукIиналда ва жиндие хIайваназул калам бичIулев гьавиялдаги.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

طسٓۚ تِلۡكَ ءَايَٰتُ ٱلۡقُرۡءَانِ وَكِتَابٖ مُّبِينٍ ١

1. **ТIа. Син.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьал хIурупаздалъун бугеб.

Гьаб Къуръан жинца гIадамал гIажиз гьарулеб калам букIиналда тIоритIелги буго гьел хIурупазулъ. **Гьал дуда рештIизарурал аятал руго МухIаммад ﷺ, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам Къуръаналъул ва жиб баянаб тIехьалъул аятал.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир ахIкамал баян гьарураб, уммат тIобитIиялъе нурлъун бугеб, дуе мугIжизатлъунги бугеб Къурананалъул аятал руго гьал.

هُدٗى وَبُشۡرَىٰ لِلۡمُؤۡمِنِينَ ٢

2. **Жинца муъминзаби хIакъаб диналда тIоритIулеб ва гьезда алжаналъул рохелги бицунеб Къураналъул аятал руго гьал.**

ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤۡتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُم بِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ يُوقِنُونَ ٣

3. **Жидее алжаналъул рохел бицунел муъминзаби руго хIукъукъал тIубан къойил щуябго как балел, паризаяб закатги кьолел ва жидеца якъинго, щаклъи гьечIого ахираталда иманги лъолел муъминзаби.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ لَا يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡأٓخِرَةِ زَيَّنَّا لَهُمۡ أَعۡمَٰلَهُمۡ فَهُمۡ يَعۡمَهُونَ ٤

4. **Х1акълъунго жидеца ахираталда иман лъоларел гIадамазе дица гьезда жидерго гIамалал берцин рихьизаруна.**

Гьез гьабулеб къабихIаб ишалъул лъикIаб рахъ гурони гьезда бихьуларо. Масала мехтел гьекъолев чиясда гьеб гьекъон дагьабго мехалъ черхалъе бачIунеб тIадагьлъи ва аваданлъи бихьула ва лъала. Гьелъул гIемерал квешал рахъалги, гьелда жанир ругел балагьалги гьесда ракIалдацин щоларо. **Ва жидерго къосиналъулъ хIайранлъун свердулел рукIуна гьел.** Жидеда х1акъабги батIулабги жо батIа гьабизего лъачIого.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ لَهُمۡ سُوٓءُ ٱلۡعَذَابِ وَهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ هُمُ ٱلۡأَخۡسَرُونَ ٥

5. **Гьал гIадамал руго жидее квешаб гIазаб букIине бугел ва ахираталда чIорого хутIараллъун рукIунел.**

وَإِنَّكَ لَتُلَقَّى ٱلۡقُرۡءَانَ مِن لَّدُنۡ حَكِيمٍ عَلِيمٍ ٦

6. **Х1акълъунго Гьаб Къуръан дуда рештIизабулеб буго МухIаммад ﷺ жиндир тадбир хIакимияв, махлукъаталъул маслахIатал лъалев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.**

إِذۡ قَالَ مُوسَىٰ لِأَهۡلِهِۦٓ إِنِّيٓ ءَانَسۡتُ نَارٗا سَـَٔاتِيكُم مِّنۡهَا

7. **Дуца умматалъе вагIзалъун**

بِخَبَرٍ أَوْ ءَاتِيكُم بِشِهَابٍ قَبَسٍ لَّعَلَّكُمْ تَصْطَلُونَ ۝٧

**букIине Муса аварагасул ﷺ къиса бице МухIаммад ﷺ. Гьес жиндир чIужуялда абураб гIуж бице:**
**«Х1акълъунго дида цо цIа бихьулеб буго.**
**Дун гьенивги ун цо хабар босун вачIина, яги цIадул сунтурги босун вачIина гьелдалъун нужее хинлъи букIине»-абун.**

ГIалимзабаца абуна: гьеб букIана Муса авараг ﷺ Мадяналдаса тIад вусун Шамалдехун вачIунеб заман. Гьевгун цадахъ лъимер гьабизе мех щварай гьесул чIужуги йикIана. БецIаб, цIад балеб, цIорораб сордоги букIана. Унеб рахъ лъаларого нух къосун, алахалда рукIана гьел. Гьеб мехалъ бихьана Муса аварагасда ﷺ рикIкIидаса бакун бугеб цIаялъул сипат. Гьебги букIана ТIурсайнаъ мегIералда аскIоб бугеб бакI. Цинги Муса авараг ﷺ гьеб канлъи бихьараб рахъалда ана, гьенив ватарав чиясда жал унеб нух ва рахъ гьикъизе ва гьениса цIадул сунтур босизе къасдалда.

فَلَمَّا جَآءَهَا نُودِيَ أَنۢ بُورِكَ مَن فِي ٱلنَّارِ وَمَنْ حَوْلَهَا وَسُبْحَٰنَ ٱللَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ۝٨

**8. Муса авараг ﷺ гьеб канлъи бихьараб бакIалда щведалго жив** гIажаиблъулеб ва хIайранлъулеб сурат бихьана:

Гьесда бихьана цо гъветIалда рекIараб гучаб цIа бугеб гIадин, гьеб гъветIги бухIулеб букIинчIо, цIадул къуватги дагьлъулеб букIинчIо. Жив эхедехун валагьидал гьесда бихьана гьеб цIа зодобе щвезегIан бахараб нур букIин. Гьеб хIалалъ гIажаиблъун ва хIайранлъун Муса вукIадго **гьесдехун цо гьаракьалъ ахIана: Гьаб цIаялда аскIов вугесда ва гьесда аскIор ругездаги баракат лъуна. Гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагь ﷻ цIакъ вац1цIадав вуго киналго жиндие мукъсанлъи бачIунел сипатаздаса.**

يَٰمُوسَىٰٓ إِنَّهُۥٓ أَنَا ٱللَّهُ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝٩

**9. Я Муса! Х1акълъунго Дун дур БетIергьан Аллагь ﷻ вуго, дир гуч бергьарав, дир ишазулъ хIакимияв.**

وَأَلْقِ عَصَاكَ ۚ فَلَمَّا رَءَاهَا تَهْتَزُّ كَأَنَّهَا جَآنٌّ وَلَّىٰ مُدْبِرًا وَلَمْ يُعَقِّبْ ۚ يَٰمُوسَىٰ لَا تَخَفْ إِنِّي لَا يَخَافُ لَدَيَّ ٱلْمُرْسَلُونَ ۝١٠

**10. Дуца дур гIанса гIодобе рехе!- Муса аварагас ﷺ гьеб гIанса гIодобе рехана:**
**Жинда гьеб цIакъ хехго унеб борохьгIадин багъарун, шурун унеб бихьиндал, Муса ﷺ гьелдаса хIинкъун, мугъ бан вуссана, ва гьелда аскIов къачIого чIана. Цингиги Аллагьасул ﷻ рахъалъан Мусада абуна: «Я Муса! Мун хIинкъуге! Мун дир расул вуго ва дир расулал**

**дидаса гурони цоги щибго жоялдаса хIинкъуларо.**

إِلَّا مَن ظَلَمَ ثُمَّ بَدَّلَ حُسْنًا بَعْدَ سُوٓءٍ فَإِنِّي غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١١﴾

**11. Дида мутIигIлъичIого жидеца напсазе зулму гьабурал хадуб тавбо гьабун жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамал хIинкъун рукIуна дир гIазабалдаса.**

**Гьезиеги дун мунагьал чурулев ва гьезда гурхIулев вуго.**

وَأَدْخِلْ يَدَكَ فِي جَيْبِكَ تَخْرُجْ بَيْضَآءَ مِنْ غَيْرِ سُوٓءٍ فِي تِسْعِ ءَايَٰتٍ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَقَوْمِهِۦٓ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ قَوْمًا فَٰسِقِينَ ﴿١٢﴾

12. Хадубги Мусаде عَلَيْهِ السَّلَام абуна: **дуца дур квер бегье гордеялъул рагьараб бакIалдаса жанибе. Цинги гьеб къватIибеги бахъе.**

**Гьеб квер жиб кенчIолеблъун бахъизе буго къватIибе ва дуе щибго заралги букIизе гьечIо. Гьаб кIиго к1удияб мугIжизат буго дуе, ичIго мугIжизатазда гьоркьоб бугеб, гьел мугIжизаталгун мун а пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе. Х1акълъунго Гьеб буго цIакъ пасикъаб ва гIасияб къавм.** Купруширкалъулъ тIерхьун ругел, жидеца бануисраилазе зулму гьабулелги ругел.

ТIадегIанав Аллагьасул амруялда рекъон, цадахъ Гьарунги عَلَيْهِ السَّلَام вачун Муса عَلَيْهِ السَّلَام пиргIавнихъе ана ва гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда ахIана. Гьесие ва гьесул къавмалъе мугIжизаталги рихьизаруна. Амма гьеб къавмалъ иман лъечIо, Муса аварагги عَلَيْهِ السَّلَام ритIухъ гьавичIо. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

فَلَمَّا جَآءَتْهُمْ ءَايَٰتُنَا مُبْصِرَةً قَالُوا۟ هَٰذَا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿١٣﴾

**13. Гьев пиргIавнил къавмалъухъе баянал хIужаби рачIараб мехалъ ва жидеда загьирал мугIжизаталги рихьизаридал гьез абуна: «Гьаб жо буго жиб баянаб сихIру»-абун.**

وَجَحَدُوا۟ بِهَا وَٱسْتَيْقَنَتْهَآ أَنفُسُهُمْ ظُلْمًا وَعُلُوًّا فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿١٤﴾

**14. Жидеца гьел баянал хIужабазда инкар ккуна гьезие гьел хIакъал рукIин лъалеб букIаниги: жидеца напсазе зулму гьабун ва хIакъаб жо къабул гьабизе чIухIун.**

**Мун валагьеха Мух1аммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, кинаб квешаб ахир букIараб гьеб пасадаб ва залимаб къавмалъул.** Дунялалда ралъдалъе гъанкъизаруна гьел, ахираталда абадияб цIадар рухIулелги рукIизе руго. Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَام гIасилъаразе гьаб гIазаб гьабураб мехалъ кинабго гIаламалъул хириявлъун вугев

МухIаммад аварагасда ﷺ гIасилъаразеги гьабила Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьадинаб гIазаб. Гьеб гIазаб гьабичIого букIине бокьарав чияс тавбо гьабе ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабе!

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ وَسُلَيْمَٰنَ عِلْمًا ۖ وَقَالَا ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى فَضَّلَنَا عَلَىٰ كَثِيرٍ مِّنْ عِبَادِهِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٥﴾

**15. Х1акълъунго Дица гIелму ва хIикмат кьуна Давуд عَلَيْهِ السَّلَامُ ва Сулайман аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьев кIиясго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рецц гьабун абуна: «ТIадегIанав Аллагьасе рецц буго жиндир муъминал лагъзадерил гIемерисездаса ниж хира гьарурав» - абун.** Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIана ГIиса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавизе азарго гIан соналъ цеве, хадув Сулайман аварагги عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIана.

وَوَرِثَ سُلَيْمَٰنُ دَاوُۥدَ ۖ وَقَالَ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ عُلِّمْنَا مَنطِقَ ٱلطَّيْرِ وَأُوتِينَا مِن كُلِّ شَىْءٍ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْفَضْلُ ٱلْمُبِينُ ﴿١٦﴾

**16. Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ирс босана Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ.** Давудил عَلَيْهِ السَّلَامُ боцIи-мал ва цогидаб бечелъи-хазина босичIо Сулайманица عَلَيْهِ السَّلَامُ ирсалъе. Гьес ирсалъе босана авараглъи ва гIелму.

Калбий абулев гIалимас абуна: Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ анцIила ичIго лъимер букIана. Гьезда гьоркьосан Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ босана ирсалъе Давуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ букIараб ханлъи ва авараглъи. ТIадегIанав Аллагьас Сулайман аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ щайтIабиги, жундулги, гIадамалги квегъун рукIана. РухI чIаголъиялъул мацIги лъалеб букIана. Сулайман аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жегиги цIикIараб гIелму-хIикмат кьуна, кIудияб ханлъиги кьуна.

**Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я гьал гIадамал! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида лъазабун буго хIанчIазул мацI.** Ва цогидаб кинабго рухIчIаголъиялъул мацIги. **Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие дунялалъул ханлъи кьун буго** цониги ханасе ва маликасе кьечIебгIан камилаб ва гIемераб. **Х1акълъунго Гьаб иш буго ТIадегIанав Аллагьасул рахъалъан бугеб жиб баянаб ва загьираб цIоб-рахIмат.**

وَحُشِرَ لِسُلَيْمَٰنَ جُنُودُهُۥ مِنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ وَٱلطَّيْرِ فَهُمْ يُوزَعُونَ ﴿١٧﴾

**17. Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир киналго боял данде гьаруна; жундулги, гIадамалги, хIанчIиги.**

Гьел цIакъ нечон ва мутIигIлъун рукIана Сулайман аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ цере рачIине. **Гьезул боял мухъал гьарун, гIадло-низам камил гьабунги рукIана.**

حَتَّىٰٓ إِذَآ أَتَوْا۟ عَلَىٰ وَادِ ٱلنَّمْلِ قَالَتْ نَمْلَةٌ

**18. Цинги гьев Сулайманил аскарал цо цIунцIраби ругеб кIкIалахъе щолеб**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّمۡلُ ٱدۡخُلُواْ مَسَٰكِنَكُمۡ لَا يَحۡطِمَنَّكُمۡ
سُلَيۡمَٰنُ وَجُنُودُهُۥ وَهُمۡ لَا يَشۡعُرُونَ ١٨

**мехалъ, гьенир ругел цIунцIрабазул ханалъ абуна:**
**«Я гьал цIунцIраби! Нуж нужерго рукъзабахъе лъугьа! Нуж мерхьизе гурин Сулайманица ва гьесул бояз, гьезда нуж рихьичIого»-абун.**
Гьезие хIинкъи кьуна жал рахчизе ва жидеца цIодорлъи гьабизе. Гьеб хIинкъи кьейгун цадахъ жинца гIузру бачун абуна: «Гьезда лъачIого мерхьизе бегьула нуж»-абун. Гьеб цIунцIраялда лъалеб букIуна Сулайман авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вукIин ва гьес бокьун, лъан жидее зарал гьабизе гьечIеблъи.

فَتَبَسَّمَ ضَاحِكٗا مِّن قَوۡلِهَا وَقَالَ رَبِّ أَوۡزِعۡنِيٓ
أَنۡ أَشۡكُرَ نِعۡمَتَكَ ٱلَّتِيٓ أَنۡعَمۡتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ
وَٰلِدَيَّ وَأَنۡ أَعۡمَلَ صَٰلِحٗا تَرۡضَىٰهُ وَأَدۡخِلۡنِي
بِرَحۡمَتِكَ فِي عِبَادِكَ ٱلصَّٰلِحِينَ ١٩

**19. Гьелъул рагIиялдаса вохун Сулайман авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хьимун велъана.** Сулаймание عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва гьесул боязе цIунцIраялъ берцинаб рецц гьабидал: «Гьезда лъачIого мерхьизе бегьула нуж»-абун.
Цинги жинца абуна: **«Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дие тавпикъ кье дие ва дир инсуе кьурал дур нигIматазе щукру гьабизе. Мун разилъулеб лъикIаб гIамал гьабизеги тавфикъ кье. Дур цIоб-рахIматалдалъун дуца дун мун жинда разиял лъикIал гIадамалгун цадахъ алжаналдаги лъугьизаве»-абун.**
Гьал цIунцIраби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалда гьоркьор цIакъ хIалтIи гIемер гьабулел, жидер гIакъло ва цIодорлъи бугел, сихIирлъи ва лебаллъи бугеб жамагIат буго. Гьезул гIуцIараб низамги букIуна, щибаб цIунцIраялъ тIобазабулеб хIалтIиги букIула. Инсанасдаса хадуб цIунцIрабазул жамагIат буго жидеда гьоркьоса цояб хвараб мехалъ гьеб хабалъ лъолеб жамагIат. Гьал цIунц1рабазул батIи-батIиял жамагIатал цо-цо заманаялъ цоцазде аскIор ун даран- базар гьабулел гIадамазда релълъун рукIула. Гьел базаралда унеблъи нилъеда лъала батIи-батIияб бакIаздаса халатал мухъал гьарун гьел цо бакIалде унел рихьараб мехалъ.
Нахъраталие тIошел ва харил хьонал ракIарула цIунцIрабаз; гьеб мугь каратI гьабун, жиб бижизе лъугьулареб хIалалъ лъола хазина лъолеб рукъоб. Жидер гьеб рукъ гIемераб цIад бан биччараб мехалъ гьеб нахъраталие бугеб ризкъи жидеца бакъалда бахъун бакъвазеги гьабула. Жидеда борхизе кIолареб жо хадуб бехъерхъун босула яги цебе гиризабула. Цо-цо мехалъ цо мугьалъул къотIелал гьарун, гьел къотIелал росун щвезарула жидер рукъор.

Гьал рехсаралги ва цогиги г1емерал хIикматал руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел гIисинал рухIчIаголъабазе кьун ругел. Гьелъул пикру гьабулев чиги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъечIого вукIин гIажаибаб жо буго.

وَتَفَقَّدَ ٱلطَّيْرَ فَقَالَ مَالِىَ لَآ أَرَى ٱلْهُدْهُدَ أَمْ كَانَ مِنَ ٱلْغَآئِبِينَ ﴿٢٠﴾

**20. Цинги Сулайман аварагас عَلَيْهِٱلسَّلَامُ жиндир хIанчIазул боязул хал гьабуна ва гьес абуна: «Дие гьуд-гьуд бихьулеб гьечIогурищ?**

**Гьеб гьуд-гьуд гьаниб гьечIого рикIкIад унищ бугеб?** Яги нужеда гьоркьоб бугониги дида бихьуларогойищ бугеб?

Гьаб аяталдаса бичIчIулеб буго кинавниги тIад вугев чиясда жиндир рагIияталъул тIалаб-агъаз гьабизе тIадаб букIин. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абулеб букIана: «Фурат гIурул рагIалдаса цо кьегIер бацIица бикъун аниги Г1умар رَضِيَٱللَّهُعَنْهُ асхIабасда гьелъул хIакъалъулъ гьикъизе буго»-абун. Гьев ГIумар асхIаб цIакъ яхI бахъун жиндир рагIияталъул хIал цIехолев ва гьезул хIажатал тIуразарулев халифа вукIана.

Сулайман аварагас عَلَيْهِٱلسَّلَامُ хIанчIазул боязул хал гьабуна, гьезда гьоркьоб унтараб, загIипаб бугодай абун цIех-рех гьабуна. Гьезда гьоркьоб гьуд-гьуд бихьичIеб мехалъ, гьеб бихьун гутIи жиндир гIайиб букIиналда ишара гьабун, жинца абуна: «дие лъугьараб жо щиб бугеб гьуд-гьуд бихьичIого букIизе ккани? Дир канлъиги ун гьечIо, цогидал хIанчIиги дида рихьулел руго»- абун. Гьаб Сулайманица عَلَيْهِٱلسَّلَامُ жиндир напсалда гIайиб чIвай ва гьуд-гьудулда гIайиб чIвангутIи инсанасул цIакъго тIадегIанаб макъам буго, гьес напс гIодогIан гьабиялъулъ ва чIухIи рецц гьечIолъиялъулъ.

ТIадегIанав Аллагьас жиндие авараглъиги кьедал, кIудияб улкаялъул ханлъунги гьавидал, гьел нигIаматазда щукру гьабизе тIадаб букIана Сулайманида عَلَيْهِٱلسَّلَامُ. Гьев щукру гIемер гьабулездасаги вукIана.

Боязда гьоркьоб жиндир хIажат тIубалеб гьуд-гьуд бихьичIеб мехалъ, Сулайманица عَلَيْهِٱلسَّلَامُ гьеб иш гIунтIизабуна жиндирго напсалъул такъсиралда ва гьев хIинкъана Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб гьуд-гьуд жиндир мунагь-хатIа ккун, жиндие тамихI гьабун нахъе бачун батилин абун.

Гьаб гIамал буго жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъай, гьев разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулел, жидер макъам тIадегIанал муъминзабазулги. Жидер мурадазда щвечIого, гIибадаталъулъ икъбал гьечIого хутIараб мехалъ, гьез хал гьабула жидер напсалъул ва гьелъ гьабулеб гIамалалъул: щиб жодай жидеца тохго тун бугеб абун. Нилъеда тIад бугеб паризаяб какцин берцинго баларел нилъее Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан щиб квербакъи букIинеб ва нилъер хIал кин лъикIлъилеб? Нилъ тушбабаздаса кин

бергьинел?.

لَأُعَذِّبَنَّهُۥ عَذَابًا شَدِيدًا أَوْ لَأَاْذْبَحَنَّهُۥٓ أَوْ لَيَأْتِيَنِّى بِسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ﴿٢١﴾

**21. Гьеб гьуд-гьуд гьечIеблъи якъинлъараб мехалъ, Сулайман аварагас абуна:**
**«Дица гьелъие гучаб гIазаб гьабила, яги дица гьеб хъвела, яги гьеб дихъе бачIина баянаб хIужаги бачун, жиб щиб сабаблъун дир изну гьечIого рукIкIалъараб»- абун.**
Гьуд-гьуд букIана Сулайман عَلَيْهِ السَّلَامُ сапаралда вугеб мехалъ гьесда цадахъ букIунеб хIинчI. Жиндир куркьбаздалъун гьесие рагIад гьабулаан. Сулайманил боязе лъим хIажалъараб мехалъ гьуд-гьудалъ ракьулъан лъим баккизе бугеб бакI бицунаан, цинги щайтIабаца бухъун ракьгун гьениса лъим баккизабулаан. Гьеб къоялъги Сулайман عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир аскаралгун цадахъ цо бакIалда чIараб мехалъ, гьезие лъим хIажалъун букIун валагьана Сулайман عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир боязда гьоркоб гьуд-гьуд бихьизе бокьун ва гьеб лъим тIалаб гьабизе битIизе къасд гьабун.

فَمَكَثَ غَيْرَ بَعِيدٍ فَقَالَ أَحَطتُ بِمَا لَمْ تُحِطْ بِهِۦ وَجِئْتُكَ مِن سَبَإٍۭ بِنَبَإٍ يَقِينٍ ﴿٢٢﴾

**22. Дагьабго мех гьоркьоб индалго гьуд-гьуд бачIана ва гьелъ абуна: «Дида лъана ва бихьана дуда лъачIеб жо я Сулайман!**
**Дун духъе бачIана Сабаъ абулеб ракьалдаса дуе баянаб хабарги ва цIакъ кIвар бугеб амруги босун.**

إِنِّى وَجَدتُّ ٱمْرَأَةً تَمْلِكُهُمْ وَأُوتِيَتْ مِن كُلِّ شَىْءٍ وَلَهَا عَرْشٌ عَظِيمٌ ﴿٢٣﴾

**23. Х1акълъунго дида чIужу гIадан ятана гьеб Сабаалъул къавмалъул ханлъун**. Гьелда цIар Билкъис букIана. **Гьелъие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьун буго ханзаби жинда хIажалъулеб кинабго жо.** КIудияб улкаги буго, бечедаб ракьги буго, рагъ гьабизе бахIарзалги руго, ярагъ-матахIги буго. **Гьелъул жий тIад чIолеб цIакъ чIухIараб ва кIудияб тахги буго** Жавгьар якъуталъ къачIараб, меседил тах буго, жиндир къимат ва багьа гьабизе кIолареб.

وَجَدتُّهَا وَقَوْمَهَا يَسْجُدُونَ لِلشَّمْسِ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ أَعْمَٰلَهُمْ فَصَدَّهُمْ عَنِ ٱلسَّبِيلِ فَهُمْ لَا يَهْتَدُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Дида гьей Билкъисги гьелъул къавмги батана жидеца ТIадегIанав Аллагьасе гьабичIого бакъуе лагълъи гьабулеллъун.**
**Гьезие гьеб гIамал берцин бихьизабун буго щайтIаналъ ва гьелги руссизарун руго битIараб нухдаса ва хIакъаб диналдаса. Гьел руго жидеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавизе ва**

**гьесие лагълъи гьабизе кколеблъи лъаларого.**

**25. Гьез лагълъи гьабулеб буго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **бижараб бакъалъе ва гьал зобал ракьал жинца рижарав ва гьезда жаниб бугеб кинабго балъголъиги жинда лъалев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьечIо лагълъи гьабулеб: нужеца балъго гьабурабги загьирго гьабурабги кинабго иш жинда лъалев.**

أَلَّا يَسْجُدُوا لِلَّهِ الَّذِي يُخْرِجُ الْخَبْءَ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا تُخْفُونَ وَمَا تُعْلِنُونَ ﴿٢٥﴾

**26. Жив цогояв, цоги жинда релъарав гьечIев БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав. ЦIакъ кIудияб гIарщалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**.**

اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ ۩ ﴿٢٦﴾

Гьаб (25-26) аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.

Гьаб щуго аят буго (22-26) гьуд-гьудалъул хабар. Гьеб калам рагIараб мехалъ Сулайман аварагас عَلَيْهِالسَّلَامْ гьуд-гьудалъул гIузру къабул гьабуна, гьедин бугониги Сулеймание عَلَيْهِالسَّلَامْ бокьана гьелъул калам битIараб букIин тасдикъ гьабизе

**27. Сулайманица** عَلَيْهِالسَّلَامْ **абуна: «Нилъ балагьизе руго дуца бицараб рагIи битIарабищ бугеб, яги мун гьереси бицунездасанищ бугеб абун.**

۞ قَالَ سَنَنظُرُ أَصَدَقْتَ أَمْ كُنتَ مِنَ الْكَاذِبِينَ ﴿٢٧﴾

**28. Мун гьанжеги а гьеб Сабаалъул ракьалда гьаб дир кагъатги босун. Гьезул мажлисалда цебе гьеб кагъатги рехун мун нахъе** бусса ва рикIкIад инчIого, гьез бицулеб жо рагIулеб бакIалда чIа.
**Дуца лъазабе щиб жавабдай гьез дир кагъаталъе кьезе бугоян абун.** Гьеб жавабги босун мун дихъе бачIа.

اذْهَب بِّكِتَابِي هَٰذَا فَأَلْقِهْ إِلَيْهِمْ ثُمَّ تَوَلَّ عَنْهُمْ فَانظُرْ مَاذَا يَرْجِعُونَ ﴿٢٨﴾

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гьуд-гьуд гьеб кагъатги босун Билкъисил къалгIаялъуб ун, гьелъул тахалда тIад цо чанго свери бахъана, цинги жинца гьелъул кIварчIиниб Сулайманил кагъатги реххун гьезие бихьулареб бакIалда гIодоб чIана. Билкъисица гьеб кагъат кодобе босун гьелда тIад хъвараб жо цIалана.

**29. Билкъисица жинда сверухъ ругел вазирзабазда ва гIакълучагIазда абуна: «Я гьаб жамагIат! Х1акълъунго дида цебе рехана жиндир къимат кIудияб кагъат.**

قَالَتْ يَا أَيُّهَا الْمَلَأُ إِنِّي أُلْقِيَ إِلَيَّ كِتَابٌ كَرِيمٌ ﴿٢٩﴾

**30. Гьеб кагъатги Сулайман**

إِنَّهُ مِن سُلَيْمَانَ وَإِنَّهُ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ ﴿٣٠﴾

**аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام рахъалъан буго ва гьелда тIадги хъван буго: «Жив гурхIулев, гурхIел даимав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIаралдалъун байбихьи гьабун хъвалеб буго гьаб кагъат.**

أَلَّا تَعْلُوا۟ عَلَىَّ وَأْتُونِى مُسْلِمِينَ ﴿٣١﴾

**31. Нужеца дида данде чIун чIухIи ва гIамал кIодолъи загьир гьабуге. Нуж Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун, дун гьесул авараг вукIин ритIухъги гьабун, дида аскIоре рачIа»-абун.**

قَالَتْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمَلَؤُا۟ أَفْتُونِى فِىٓ أَمْرِى مَا كُنتُ قَاطِعَةً أَمْرًا حَتَّىٰ تَشْهَدُونِ ﴿٣٢﴾

**32. Цинги Билкъисица абуна: «Я гьаб жамагIат! Нужеца дие фатва (хIукму) кье дица щиб жавабдай кьела абун. Дида лъалеб гьечIо ва дие бокьун гьечIо дицаго хIукму гьабизе нужеца нугIлъи гьабун, нужер хIукмуялда рекъон гурони»-абун.**

قَالُوا۟ نَحْنُ أُو۟لُوا۟ قُوَّةٍ وَأُو۟لُوا۟ بَأْسٍ شَدِيدٍ وَٱلْأَمْرُ إِلَيْكِ فَٱنظُرِى مَاذَا تَأْمُرِينَ ﴿٣٣﴾

**33. Гьеб жамагIаталъ абуна: «Ниж руго къуват-гуч бугел, рагъуе махшел бугел, ярагъ лебалал гIадамал. Мун йиго хан ва дуца гьабе хIукму.**

Дуца дуего бокьараб хIукму гьабе, нижеца гьеб тIубазабизе буго»-абун. Гьаб буго гьезул мутIигIлъи камилаб букIин бихьизабулеб жаваб.

КъуртIубияс абуна: Билкъисица цIакъ берцинаб гIамал гьабуна жиндир амруялъулъ гьеб жамагIат гIахьал гьабун ва гьезда мушавара гьабун. Гьеб жамагIатальги гьей разилъулеб жаваб кьуна, жидер къуват-гуч букIин бицун ва жидер камилаб мутIигIлъиги бицун. Гьаб цоцаздехун бугеб берцинаб мушавара ва берцинаб калам жиндаса мисал босизе рекъараб букIана, гьезул амруялъул бетIер чIужугIадан йикIинчIебани. Билкъис гIакъло бугей ва цIодорай йикIин бихьизабулеб буго гьелъул хIукмуялъ-абун.

قَالَتْ إِنَّ ٱلْمُلُوكَ إِذَا دَخَلُوا۟ قَرْيَةً أَفْسَدُوهَا وَجَعَلُوٓا۟ أَعِزَّةَ أَهْلِهَآ أَذِلَّةً ۖ وَكَذَٰلِكَ يَفْعَلُونَ ﴿٣٤﴾

**34. Билкъисица абуна: «Х1акълъунго ханзабазул гIадат буго жал цо шагьаралда лъугьараб мехалъ, гьеб шагьар пасад гьабулеб.**

Рагъ гьабун шагьар бахъараб мехалъ гьеб биххизабун, бухIун пасат гьабула, гьениса бечелъи ва хазина нахъе бакIарула, гьелъул гIадамал асир гьарун лагълъиялда ккезарула. **Гьеб шагьаралъул бищунго къадро бугел гIадамалги цIакъго гIодогIан гьарула. Гьадин гьабула жал бергьарал ханзабаз.**

Гьаб кагъат битIарав Сулайманицаги гьебго иш гьабила нилъеца дандечIей гьабуни ва нилъер гьунар-къуватги г1ечIони. Нилъее

лъикI буго цин гьел щал гIадамал ругел ва гьезул мурад щиб бугеб лъазабуни.

**35. Х1акълъунго дица гьев Сулайманихъе сайгъаталги росун цо къокъа битIизе буго ва гьел щиб жаваб босундай рачIулаян балагьун чIезе йиго»-абун.**

وَإِنِّي مُرْسِلَةٌ إِلَيْهِم بِهَدِيَّةٍ فَنَاظِرَةٌۢ بِمَ يَرْجِعُ ٱلْمُرْسَلُونَ ۝٣٥

Гьелда лъалеб букIана сайгъатаца ва берцинаб каламалъ гIадамал кверде росулеблъи.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Билкъисица абуна: гьел гIадамаз сайгъатал къабул гьаруни гьел рукIине руго ханлъи бокьарал ва дунялалъул кIодолъи бокьарал. Нилъеца гьезда рагъ гьабизе буго. Гьез сайгъатал къабул гьаричIони гьев ритIухъав авараг вукIизе вуго ва нилъ гьесда мутIигIлъун нахърилълъине руго абун.

Билкъисил амруялдалъун меседил хIарччал (гъадараби) росун ва цоги жавгьар-якъуталъ, маржан луъ-луалъ къачIарал алатал росун Сулайманихъе عَلَيْهِ السَّلَامُ ине цо къокъа хIадурана. Гьеб хабарги босун гьесухъе гьуд-гьудги бачIана.

**36. Гьел чапарзаби жидер сайгъаталги росун Сулайманихъе рачIараб мехалъ** гьев сайгъатазда валагьичIо **ва гьес абуна:**

**«Нужее бокьунищ бугеб боцIи-малги кьун дун кодове восизе ва нуж купру-ширкалда тезе? Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **дие кьураб бечелъиги, ханлъиги цIакъ гIемераб ва кIудияб буго.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун авараглъиги кьун халкъалда тIаса вищун вуго, гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда ахIизе. **Нуж руго дунялалъул ханлъи ва бечелъи бокьарал гIадамал, гьедин бугелъул нуж роххулел руго нужее сайгъатал кьураб мехалъ.**

فَلَمَّا جَآءَ سُلَيْمَٰنَ قَالَ أَتُمِدُّونَنِ بِمَالٍ فَمَآ ءَاتَىٰنِۦَ ٱللَّهُ خَيْرٌ مِّمَّآ ءَاتَىٰكُم بَلْ أَنتُم بِهَدِيَّتِكُمْ تَفْرَحُونَ ۝٣٦

37. Гьеб къокъаялъул бетIерасда хитIаб гьабун Сулайманица عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «**Мун тIад вуссун а дурго къавмалъухъе ва дуца гьезда лъазабе дун вачIизе вукIин рикIкIен гIемерал боялги рачун, гьезда данде чIезе жидер хIал кIоларел.**

ٱرْجِعْ إِلَيْهِمْ فَلَنَأْتِيَنَّهُم بِجُنُودٍ لَّا قِبَلَ لَهُم بِهَا وَلَنُخْرِجَنَّهُم مِّنْهَآ أَذِلَّةً وَهُمْ صَٰغِرُونَ ۝٣٧

**БичасхIаги, дица гьел жидер ханлъиялдаса ва ватIаналдаса къватIире рахъинарила гIодорегIаналлъун ва хIакъиралллъун гьарун.**

Жидеца иман лъечIони ва дун авараглъун вукIин къабул гьабун дир амруялъе мутIигIлъичIони»-абун.

Жиндир чапарзаби тIадруссун рачIиндал ва гьез Сулайманил عَلَيْهِ السَّلَامُ хабарги бициндал Билкъисида лъана гьев ханлъи бокьарав чи гьечIеблъи, гьесда данде рагъ гьабун жий бергьунареблъиги. Цинги Билкъисица Сулайманида عَلَيْهِ السَّلَامُ хабар битIана жий ячIине йигин жиндир улкаялъул ханзаби ва церехъабиги рачун, ва жийги балагьизе йигин щиб жодай Сулаймание бокьун бугеб ва щиб диналдедай жий ахIулей йиго абун.

Жиндир бодул церехъабазул анцIила кIиазарго чиги вачун Билкъис къватIие яхъана Сулайманихъе عَلَيْهِ السَّلَامُ ине. Гьеб хабар рагIараб мехалъ ва Билкъис жиндир улкаялда гIагарлъараб мехалъ, Сулаймание عَلَيْهِ السَّلَامُ бокьана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб ва жиндир авараглъи ритIухъ гьабулеб гIаламат Билкъисида ва гьелъул къокъаялда бихьизабизе.

**38. Сулайманица** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Я гьаб жамагIат! Щив вугев нужеда гьоркьов гьей Билкъис дие мутIигIлъун ва иманлъун гьание щвелелда гьелъул тахги бачун вачIине кIолев чи?»- абун.**

قَالَ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمَلَؤُا۟ أَيُّكُمْ يَأْتِينِى بِعَرْشِهَا قَبْلَ أَن يَأْتُونِى مُسْلِمِينَ ﴿٣٨﴾

Гьелъ иман лъун хадуб гьелъул тахалда ханлъи гьабизе бегьуларелъул, гьей разилъун гурони, гьей жинда аскIой щвелелдего гьелъул тах бачIун букIине бокьана Сулаймание عَلَيْهِ السَّلَامُ.

Билкъисил ханлъиялъул гIаламатлъун бугеб цIакъ чIухIараб тах букIана. Гьей Сулайманихъе ине хIадурлъараб мехалъ, тах жаниб бугеб кIалгIаялъул анкьго батIияб рукъги тIаде рахан, кIулал нахъе росана. Гьеб кIалгIа цIунун тарал бояздаги лъазабуна жий тIаде юсун ячIинегIан щивго чи кIалгIаялда аскIов къазе тогеян.

**39. Жундузул цIакъ къуватаб ва гучаб цо женалъ абуна: «Дун бачIина духье гьеб тахги бачун мун хIукму къотIизе гIодов чIараб мажлисалдаса тIаде вахъинелде.**

قَالَ عِفْرِيتٌ مِّنَ ٱلْجِنِّ أَنَا۠ ءَاتِيكَ بِهِۦ قَبْلَ أَن تَقُومَ مِن مَّقَامِكَ ۖ وَإِنِّى عَلَيْهِ لَقَوِىٌّ أَمِينٌ ﴿٣٩﴾

Сулайман авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир рагIияталъул тадбир гьабизе ва гьезул гIарз къабул гьабун, гьезда гьоркьоб гIадлияб хIукму гьабизе гIодов чIолаан радал бакъ баккаралдаса къалъул гIуж щвезегIан. **ХIакълъунго дун гьеб тах бачун бачIине кIолеб буго ва гьеб сах-саламат, гьелда тIад бугеб жавгьар- якъут цIунун бачIине дида божилъи бугебги буго»**-абун.

Сулаймание عَلَيْهِ السَّلَامُ бокьана жегиги хехго тах бачун вачIунев чи халкъалда

загьир гьавизе ва гьелдалъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие кьун бугеб кIудияб ханлъиги ва жиндие квегъун ругел боялги загьир гьаризе.

قَالَ ٱلَّذِي عِندَهُۥ عِلۡمٞ مِّنَ ٱلۡكِتَٰبِ أَنَا۠ ءَاتِيكَ
بِهِۦ قَبۡلَ أَن يَرۡتَدَّ إِلَيۡكَ طَرۡفُكَۚ فَلَمَّا رَءَاهُ
مُسۡتَقِرًّا عِندَهُۥ قَالَ هَٰذَا مِن فَضۡلِ رَبِّي لِيَبۡلُوَنِيٓ
ءَأَشۡكُرُ أَمۡ أَكۡفُرُۖ وَمَن شَكَرَ فَإِنَّمَا يَشۡكُرُ لِنَفۡسِهِۦۖ
وَمَن كَفَرَ فَإِنَّ رَبِّي غَنِيّٞ كَرِيمٞ ٤٠

**40. Жинда аскIоб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан гIелму бугев чияс абуна: «Дун вачIина духъе гьеб тахги бачун, дуца балагьараб бер къапилебгIан хекого»-абун.**
Гьев вукIана Асиф ибну Бархия абулев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIав муъминчи Сулайманил катиб (писарь). Гьесда лъалеб букIана жиндалъун гьарараб жо лъугьулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIар. Сулайманица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьесул рагIи къабул гьабуна ва Асифица дугIаги гьабун гьеб сагIаталъ Билкъисил тах гьезда цебе бачIана.

**Сулайман** аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жинда цебе бачIун чIун гьеб гIажаибго берцинаб тах бихьидал **гьес абуна: «Гьаб иш буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дие гьабураб кIудияб цIоб- рахIмат. Гьалдалъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дир хIалбихьиги гьабулеб буго дун жиндир нигIматал лъан, гьезда щукру гьабулездаса вугодай абун, яги гьел нигIматазул къимат лъачIого гьезда инкар кколевдай вугев абун. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазда щукру гьабулев чи вуго жиндиего лъикIлъи гьабулев чи:** гьес щукру гьабураб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие жегиги нигIматал цIикIизарула. **Гьел нигIматазда цо гIадамаз инкар ккунин абун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щибго асар букIуларо. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ хIажатав гьечIо гIадамазул щукруялда. Х1акълъунго Гьев цIакъ бечедав ва сахаватав вуго.** жидеца щукру гьабуларезеги жинца нигIматал кьолев вуго.

قَالَ نَكِّرُواْ لَهَا عَرۡشَهَا نَنظُرۡ أَتَهۡتَدِيٓ أَمۡ
تَكُونُ مِنَ ٱلَّذِينَ لَا يَهۡتَدُونَ ٤١

**41. Сулайманица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Нужеца гьей Билкъисида лъалареб хIалалъ гьелъул тахалъул сипат хисизабе! Нильги балагьизе руго гьей гIелму- гIакъло бугей йигодай ва гьеб тах жиндир букIин гьелда лъаладай абун, яги гьей гьеб тах лъаларейдай йиго абун.**

فَلَمَّا جَآءَتۡ قِيلَ أَهَٰكَذَا عَرۡشُكِۖ قَالَتۡ كَأَنَّهُۥ هُوَۚ
وَأُوتِينَا ٱلۡعِلۡمَ مِن قَبۡلِهَا وَكُنَّا مُسۡلِمِينَ ٤٢

**42. Цинги Билкъис** жиндир ханзабазул ва къавмалъул церехъабазул аскаргун цадахъ ячIун, Сулайманида аскIое щведалго, гьелда жиндир тах бихьизабуна ва **гьелда абуна: «Гьадинаб бугищ дур тах»-абун.**
«Гьаб бугищ дур тах»-абун абичIо, гьей хеккого кантIизе бегьила абун жиндир тах Сулайманихъ букIиналда, ва гьес тахалъе хис-басги гьабун

букIиналда. **Билкъисицаги абуна: «Гьеб дир тах бугеб гIадин буго»-абун.** Гьеб жиндир тах букIин лъана Билкъисида, гьедин бугоники дозул суалалда релълъинабун къуна жаваб. Гьелдалъун Билкъисица жиндир гIакъиллъи ва цIодорлъи бихьизабуна.

Амма Сулайманица عَلَيْهِ السَّلَامُ живги, жиндир къавмги гьелдаса гIемерго цIодораб букIин загьир гьабун абуна: **«Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижее гIелмулъай къуна гьай Билкъисие къеlелде цебего. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ниж гьаруна гьев лъалеллъун ва гьесие гIибадат гьабулеллъун,- гьеб буго бищунго кIудияб гIелму ва нигIмат.**

**43. Гьей Билкъис Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялдаса нахъчIвана жинцаги жиндир къавмальги бакъ-моцIалъе лагълъи гьабулеб букIиналъ.**

وَصَدَّهَا مَا كَانَت تَّعْبُدُ مِن دُونِ ٱللَّهِ ۖ إِنَّهَا كَانَتْ مِن قَوْمٍ كَٰفِرِينَ ﴿٤٣﴾

**ХIакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гуреб жоялъе гIибадат гьабиялдалъун гьейги йиголъана капураб къавмалдаса.**

Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьей Билкъис ячIинелда, гьей жаний чIезе цIакъ берцинаб, борхатаб кIалгIа бан букIана. Гьеб кIалгIаги бацIадаб цIералъул бан букIана. Гьенир жанире унеб нухги бацIадаб лъималда тIад гьединабго цIер ккураб букIана. Балагьарав чиясда кколаан гьеб бацIадаб, гъваридаб лъим буго абун, ва гьелда тIаде ккураб цIерги батIа гьабизе лъалеб букIинчIо.

**44. Цинги Билкъисида гьеб кIалгIаги бихьизе гьабун «Мун гьений жаний лъугьаян»-абуна. Гьелда гьений унеб нух бацIадаб, берцинаб лъим бугин ккана ва жинца гурде эхедегIан гьабун бохдул ва хIатIал загьир гьаруна.**

قِيلَ لَهَا ٱدْخُلِى ٱلصَّرْحَ ۖ فَلَمَّا رَأَتْهُ حَسِبَتْهُ لُجَّةً وَكَشَفَتْ عَن سَاقَيْهَا ۚ قَالَ إِنَّهُۥ صَرْحٌ مُّمَرَّدٌ مِّن قَوَارِيرَ ۗ قَالَتْ رَبِّ إِنِّى ظَلَمْتُ نَفْسِى وَأَسْلَمْتُ مَعَ سُلَيْمَٰنَ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٤٤﴾

Лъималда жаниса довехун ине къасд гьабурав чияс гьабулеб хIалалъ. **Сулайманица абуна: «Гьеб жо лъим гьечIо, гьеб буго бацIцIадаб цIералъул гьабураб кIалгIа»-абун.**

Гьал киналго гIаламатал рихьидалго ва Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ дагIват гьабун гьелда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин ва жиндие гIибадат гьабизе бегьулеб цоги щибго жо гьечIеблъи бичIизабидал, **Билкъисица абуна: «Я дир БетIергьан! ХIакълъунго дица дирго напсалъе зулму гьабун буго гьанжелъизегIан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин лъан гьесие гIибадат гьабичIого. Гьанже дун гьав Сулайман аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ гьабулеб диналда божана ва кинабго гIаламалъулго БетIергьанлъун жив вугев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъана ва гьесул амруялда нахъ йилълъана»-абун.**

Гьаб бакIалда Сулайман аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ва Билкъисил къиса хъван тIубана. Тафсиралъул гIалимзабаца гьаб къисаялда жанир цогиги гIемерал, берцинал хабарал рицун руго. Гьел киналго жидее къучIаб хIадис гьечIел рукIиналъ гьаб таржамаялда хъвачIого тана. Жидеца гьел хъварал гIалимзабаздаги нилъеца гIайиб чIваларо. Гьезул мурад букIана жидер заманаялъул муъминзабазул гIакълуялда рекъараб хIалалъ хабар бицун, гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIажаибал гIаламатазда кантIизари.

Гьел къисаби руго Инжил-Тавраталъул агьлуялъ рицунел ратарал къисаби. Гьел ритIарал руго абун, гьезда божизе бегьуларо, гьел киналго гьересиял руго абун гьезда инкар гьабизеги тIадаб гьечIо. Нилъеда тIадаб жо буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо гьабизе хIал кIолев вукIиналда иман лъезе. ГIелмуялъ ва гIакълуялъ тIобанго нахъе чIвалареб жо Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIунтIизабун бицараб мехалъ, гьеб жо нилъеца тасдикъги гьабиларо, нахъеги чIваларо, гьеб бицараб жо хIакъаб букIиналда яги гьеб гьересияб букIиналда тIоритIел гьабулеб хIужа-далил нилъее щвезегIан. Сулайман аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къиса «сурату Ссвад»-алдаги бицине буго. Инша Аллагьу.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمْ صَٰلِحًا أَنِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ فَإِذَا هُمْ فَرِيقَانِ يَخْتَصِمُونَ ﴿٤٥﴾

**45. ХIакълъунго Дица Самудиязул къавмалда расуллъун витIана гьезулго вац СсалихI. Гьес жиндир къавм ахIана Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда.**

**Амма гьеб къавм СсалихIида عَلَيْهِ السَّلَامُ гIенеккичIо ва батIи-батIияв къокъаби гьарун цоцазде къацандулел рукIана.** Гьезул иман лъураб къавм ва купру-ширкалда чIараб къавм жидеца гьабулеб дин битIараб буго абун къецандулел рукIана.

قَالَ يَٰقَوْمِ لِمَ تَسْتَعْجِلُونَ بِٱلسَّيِّئَةِ قَبْلَ ٱلْحَسَنَةِ ۖ لَوْلَا تَسْتَغْفِرُونَ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٤٦﴾

**46. СсалихIица عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я дир къавм! Нужеца нужеего квешаб жо хехго бачIин щай тIалаб гьабулеб, лъикIлъи тIалаб гьабиялдасаги цебе гьабун.**

Нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхIулеб гIамал гьабун, гьев разилъи ва гьесул рахIмат щай тIалаб гьабулареб, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъулеб, гьесул гIазаб нужее хIакълъулеб гIамал гьабичIого. **Нужеца Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал рахчи тIалаб гьабуни ва тавбо гьабун лъикIаб гIамал гьабуни, нужеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхIила.** Ва нуж Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ

разияб агьлогун цадахъ алжаналде лъугьила.

قَالُواْ ٱطَّيَّرۡنَا بِكَ وَبِمَن مَّعَكَۚ قَالَ طَٰٓئِرُكُمۡ عِندَ ٱللَّهِۖ بَلۡ أَنتُمۡ قَوۡمٞ تُفۡتَنُونَ ﴿٤٧﴾

**47. Ссалих1ил къавмалъ абуна:. «Нижее баракат гьечIолъи бахана дудаса ва мунгун цадахъ ругел муъминзабаздаса»- абун.**

Гьеб заманаялъ бакъбан, хур бижичIого ракъи бачIун букIана Ссалих1ил къавмалда. **Ссалих1ица абуна: «Нужее бугеб баракат гьечIолъи буго нужер купру сабаблъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьабулеб гIазаб. Нуж руго щайтIаналъ питнаялда ккезарурал гIадамал.**

Нужеда хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе лъалеб гьечIо ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьабураб хIалбихьи ва къварилъи нужер аварагасулги гьесда мутIигIлъарал муъминзабазулги гIайиб бугин абулеб буго.

وَكَانَ فِي ٱلۡمَدِينَةِ تِسۡعَةُ رَهۡطٖ يُفۡسِدُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا يُصۡلِحُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Ссалих1ил عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмалъул, «ХIижру» абулеб шагьаралда рукIана ичIго залимав чи.**

**Гьез ракьалда т1ад цIакъ пасалъи гьабулеб букIана ва гIадамазе зулму-къварилъи гьабулеб букIана, гьезул цониги лъикIаб гIамалги букIинчIо.**

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: «Гьев ичIго чи вукIана Ссалих1ил капураб къавмалъул церехъабазул лъимал. Гьез жидеда хадур ракIарун рукIана киналго иман гьечIел, пасалъи гьабулел квешал гIолохъаби ва жидеца гьеб шагьарада ва цогидаб бакIалдаги гIадамазе зулму гьабулеб букIана. Гьез гIадамал Ссалих1ида иман лъеялдаса нахъчIвалел рук1ана ва иман лъурал муъминзабазеги къварилъи гьабулеб букIана. Цоги гIалимзабаца абуна гьезул пасалъиялда гьоркьоб гьересияб гIарацги букIанин абун.

Аллагьасул салам лъеяв Ссалих1 аварагасул заман тIад буссун бачIараб гIадин буго жакъа дунялалда бугеб хIал хал гьабураб мехалъ. Ханзаби, бечедал гIадамал, кIудиял хIакимзаби улкаялъул киналго бечелъабазул кIулалги кодоре ккун, гьел жидедаго гьоркьор рикьулел, гьеб бечелъи жидерго агьлуялде буссизабулел руго. Гьезул лъималги гIорцIун, ццулъун, гьабизе жо тIагIун, чIахIиял минабигун, чIухIарал машинабигун, чIухIарал гIамалалгун хьвадулел руго. Гьезие ракIалде щвараб квешаб гIамал гьабизе гьел гьукъулеб иман, нич-яхIги гьечIо. Гьез гьабураб зулму ва пасалъи гьезул умумуз бахчулеб буго.

Мискинал, пакъирал гIадамазул кIвар гьабулев цониги хIакимги гьечIо. Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъулел имамзаби ва ханзабиги гьечIо. БетIергьан Аллагьасул гIадат буго гIадамазул гIамалалда релълъарал ханзаби гьезда тIаде риччалеб. Гьаб умматалда бугеб балагь ва

къварилъи буго гьаб умматалда гьоркьор иман камилал, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIакъикъат лъалел муъминзаби цIакъго дагьлъун рукIин. «Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго» абуни гIолеблъун рикIкIун буго гIемерисеб халкъалъ. Гьезда хадуб цо къокъа буго паризаяб как бани ва кIал ккуни, закат-хIажги тIубани, цоги щибго жо гьабизе кколарин абулел.

Аза-азар чиясда гьоркьов цо чи вуго Т1адег1анав Аллагьас гьаб кинабго махлукъатги жидее квегъун, инсан жиндие лагълъи гьабизе вижун вукIин жинда бич1чIулев ва гьеб лагълъи цохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабизе ккани гьаб ракьалда тIад цо исламияб дин букIизе тIадаб букIинги лъалев. Исламияб дин ракьалда тIад бищунго тIадегIанаблъун гьечIебгIан заманаялъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал муъминзабазда тIадаб букIула жиндир напсалдалъун, боцIи-малалдалъун, гIелму-гIакълуялдалъун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин ракьалда букIинабиялъе гIоло къеркьезе. Гьелда ц1арги абула «жигьад» абун. Гьеб жигьад гьаби буго муъминчиясул бищунго тIадегIанаб макъам.

Гьаб масъала бищунго цебе бусурбабазул церехъабилъун ругел цIаларал чагIазда, дибирзабазда ва имамзабазда бич1чIизе тIадаб масъала буго. Гьезда гьебги бичIчIун, гьез битIараб дагIватги гьабун, гIолохъанаб гIелалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло къеркьеялъул байрахъ борхараб мехалъ, инша Аллагьу, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазе квербакъи гьабила ва ракьалдаса пасалъиги тIагIила.

قَالُوا۟ تَقَاسَمُوا۟ بِٱللَّهِ لَنُبَيِّتَنَّهُۥ وَأَهْلَهُۥ ثُمَّ لَنَقُولَنَّ لِوَلِيِّهِۦ مَا شَهِدْنَا مَهْلِكَ أَهْلِهِۦ وَإِنَّا لَصَـٰدِقُونَ ﴿٤٩﴾

**49. Гьеб пасадаб къавмалъул церехъабилъун ругел гIолохъабаз цояз цояздехун абуна: «Нужеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIаралдалъун гьа гьедун къотIи гьабе сардилъ къватIире рахъун Ссалих1 авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ва гьесда иман лъурал муъминзабиги чIвазе. Гьел чIван хадуб нилъеца Ссалих1ил валиясда** (гьесул къисас босизе кколев бищун цевесев гIагарав чи) **абила: «Нижеда бихьичIо гьев Ссалих1ги гьесул агьлоги гьалаглъараб куц. Нижеда лъаларо лъица гьев ва гьесул агьло чIвараблъи. Х1акълъунго Нижеца бицунеб рагIиги битIараб буго»-абун.** Цинги гьересияб гьаги гьедун гьев вали божизавила нилъер рагIиялда.

Гьаб букIана Ссалих1ил عَلَيْهِ السَّلَامُ къавмалъ вараниги хъун гьезие Ссалих1ица лъабго къоялдаса Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нуж гьалаг гьаризе руго абун къотIи гьабураб заман. Гьел квешал гIолохъабаца абуна: лъабго къоялдаса нилъ гьалаг гьаризе ратани нилъеца Ссалих1ги гьесул агьлоги жегиги хехго гьалаг гьарила абун.

Цинги гьел сардилъ рахъун жидер ярагъги босун Ссалих1ил рукъ бугеб

бакIалде ана. Гьел Ссалих1ил рукъалда гIагарлъараб мехалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амру гьабун малаикзабаца гьезда тIаде кIудиял ганчIал рехана ва гьелги гьалаглъана. Гьел гIолохъаби тIад руссине кватIараб мехалъ гьезул къавм къватIибе бахъун Ссалих1ил рукъалде аскIоре щведал гьезда чIван гIодоре реххун рихьана жидер церехъаби.

Гьеб иш бихьидал гьез къотIи гьабуна Ссалих1ги гьесул агьлоги чIвазе, Ссалих1ил къавмалъги рагъуе хIадурлъи гьабуна. Муъминзабазул цояс капураб къавмалда абуна: «Нуж щай гIедегIулел рагъ гьабизе? Ссалих1ица къотIи гьабураб лъабго къо араб мехалъ гьесул рагIи ритIухълъичIони нужее ихтияр буго бокьараб иш гьабизе»-абун. Гьеб гIакълуялда рекъон капурзаби нахъ руссана.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

وَمَكَرُوا۟ مَكْرًا وَمَكَرْنَا مَكْرًا وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Гьеб капураб къавмалъ Ссалих1ие** عَلَيْهِ السَّلَامُ **ва муъминзабазе макро гьабизе къасд гьабун букIана.**

**Дицаги гьел капурзабазе макро гьабуна гьезда щибго жоги лъалареб хIалалъ.**

فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَـٰقِبَةُ مَكْرِهِمْ أَنَّا دَمَّرْنَـٰهُمْ وَقَوْمَهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٥١﴾

**51. Дуца пикру гьабе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, кинаб ахирдай гьел макрочагIазул букIана абун.**

**Х1акълъунго Дица гьел квешал гIадамалги ва гьезул къавмги гьалаг гьарун гьезул насло-тухум тIагIизабуна.**

فَتِلْكَ بُيُوتُهُمْ خَاوِيَةًۢ بِمَا ظَلَمُوٓا۟ ۗ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَةً لِّقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Гьел жанир чIун рукIарал рукъзал ва шагьарал чIунтун чIвадал лъугьун руго гьезул зулму ва купру сабаблъун.**

Гьел гьалаг гьаруна, гьезул росаби ва шагьарал чIунтун тIагIана. **Х1акълъунго Гьаб Ссалих1ил къавмалъул къисаялъулъ ва гьезул ч1унтун тIагIарал шагьаразулъги жидеда жо лъалел ва пикру гьабулел гIадамазе Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб г1аламат ва хIужа-далил буго.**

وَأَنجَيْنَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَكَانُوا۟ يَتَّقُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Дица гьалаг гьариялдаса хвасар гьаруна Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъун гьесдаса хIинкъулеллъун рукIарал муъминзаби.**

وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِۦٓ أَتَأْتُونَ ٱلْفَـٰحِشَةَ وَأَنتُمْ تُبْصِرُونَ ﴿٥٤﴾

**54. ЛутI аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **къисаги бице дур умматалъе вагIзалъун букIине.**

**Гьес жиндир къавм** Садумалъул агьлуялда

**абуна: «Нужеца гьеб цIакъ къабихIаб пишайищ гьабулеб, гьеб иш къабихIаб ва инжитаб букIин нужеда якъинго бихьулеб лъалебги букIадго?- абун.**

أَئِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ ٱلرِّجَالَ شَهْوَةً مِّن دُونِ ٱلنِّسَآءِ ۚ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ تَجْهَلُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Унго-унго нуж бихьиназда нахъейищ лъугьулел, нужер шагьват тIубазе ва гьеб нужер напсазе берцинги бихьун,**

**Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеб шагьват тIубазелъун рижарал руччабиги жалго тун? Валлагьи, нуж ахIмакъаб, лъикIаб квешаб жо батIа гьабулареб къавм буго.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIалал гьабураб жоги тун хIарам гьабураб гьабизе унел руго, хIайваназцин гьабулареб пишаги гьабулеб буго.

۞ فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِۦٓ إِلَّآ أَن قَالُوٓا۟ أَخْرِجُوٓا۟ ءَالَ لُوطٍ مِّن قَرْيَتِكُمْ ۖ إِنَّهُمْ أُنَاسٌ يَتَطَهَّرُونَ ﴿٥٦﴾

**56.** ЛутI аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ дагIваталъе къавмалъ кьураб жаваб букIинчIо гьесда гIин тIами ва гьесул рагIи боси. **Гьезул жаваб букIана жидеца аби: «Нужеца ЛутIги гьесул агьлоги нужер росолъан къватIире къотIе! Гьел руго жал хъубаб жоялдаса цIунарал, нилъер гIамалги къабихIаб жолъун рикIкIунел гIадамал»-абун.** Гьедин махсароде гьавуна ЛутIил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къавмалъ жидер авараг: гьез гьабураб къабихIаб гIамал гьабуларев чи жидеда гьоркьоса къватIиве ине кколилан абун.

فَأَنجَيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ إِلَّا ٱمْرَأَتَهُۥ قَدَّرْنَٰهَا مِنَ ٱلْغَٰبِرِينَ ﴿٥٧﴾

**57. Дица ЛутI авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьесул агьлоги хвасар гьабуна гьеб къабихIаб пиша гьабулеб къавмалдаса ва гьезда тIаде биччараб гIазабалдасаги.**

**ЛутIил** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **чIужу хут1изег1ан, гьей жал гьалаг гьаруразда гьорлъ йикIине къадар гьабун букIиналъ, хвасар гьайичIо гIазабалдаса.**

وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَسَآءَ مَطَرُ ٱلْمُنذَرِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Дица гьезда тIаде цIакъ квешаб цIад базабуна. Гьеб букIана жидее хIинкъи кьураб мехалъ гьелда гIенеккичIеб къавмалда базабураб жужахIалъул роркьарал ганчIазул цIад.**

قُلِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ وَسَلَٰمٌ عَلَىٰ عِبَادِهِ ٱلَّذِينَ ٱصْطَفَىٰٓ ۗ ءَآللَّهُ خَيْرٌ أَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٥٩﴾

**59. Дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, **кинабго щукру ва рецц Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **буго, гьес кьурал кIудиял нигIматазда данде ва гьесул цIоб-рахIматалда дандеги.**

**Гьев Аллагьасул ﷻ саламги буго жинца авараглъиялъе тӀаса рищарал лъикӀал муъминзабазда.**

ТӀадегӀанав Аллагьас амру гьабуна жиндир калам бай бихьуда Аллагьасе ﷻ рецц гьабе ва гьесул аварагзабазда свалат-салам битӀе абун. Гьаб амру аварагасги тӀубазабуна, гьесда хадур рукӀарал хириял асхӀабзабаца ва киналго лъикӀал имамзабаца ва гӀалимзабацаги тӀубазабуна. Нилъехъе бачӀараб хӀалалъ нилъедаги тӀадаб буго лъикӀаб гӀамал гьабизе бай бихьулеб мехалъ: вагӀза гьабизе, дарс цӀализе, ва дагӀават гьабизе, ригьин гьабизе ва цогидалги ишал гьаризе Аллагьасул ﷻ цӀаралдалъун бай бихьун, гьесие рецц гьабун, гьесул расулазда свалатги битӀун бай бихьизе.

Дуца гьезда абе МухӀаммад ﷺ, жинца кинабго жо бижарав, гьеб хьихьулев, гьелъул тадбир гьабулев **Аллагьищ лъикӀав вугев** жиндие лагълъи гьабизе ва жив БетӀергьанлъун вукӀине, яги жидеца щибго мунпагӀат яги зарал гьабуларел, **Аллагьасде ﷻ ширк гьабун нужеца лагълъи гьабулел хъанчалищ лъикӀал ругел?-абун.**

أَمَّنْ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَأَنزَلَ لَكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَنۢبَتْنَا بِهِۦ حَدَآئِقَ ذَاتَ بَهْجَةٍ مَّا كَانَ لَكُمْ أَن تُنۢبِتُوا۟ شَجَرَهَآ ۗ أَءِلَٰهٌ مَّعَ ٱللَّهِ ۚ بَلْ هُمْ قَوْمٌ يَعْدِلُونَ ﴿٦٠﴾

**60. Жинца зобалги ракьалги рижарав, жинца зодиса цӀад рештӀизабурав ва гьелдалъун нужее ахал-хурзалги рижизарурав, берцинал, гьуинал пихъал рижизарурав щив вугев** ва гьеб пихъ тӀад бижулел гъутӀбиги рижизарурав.
**Нужер хӀал кӀолеб букӀинчӀо гьел гъутӀби** ва гьаниб рехсараб жоялдаса щибго жо **бижизабизе. Гьав Аллагьгун ﷻ цадахъ цогиги алагьишха вугев?**

Гьаб камилаб хӀалалда зобал ракьалги рижарав, гьезда жаниб бугеб гӀажаибаб жоги бижарав Аллагь ﷻ гурев цоги щив вугев жиндие лагълъи гьабизе хӀакъав? ГьечӀо цоги аллагь. **Жидеца ширк гьабулеб къавм буго Аллагьасда ﷻ бащад гьарун хъанчал ва цогидал гьес рижарад жал лъолел ва гьезие лагълъи гьабулел.**

أَمَّن جَعَلَ ٱلْأَرْضَ قَرَارًا وَجَعَلَ خِلَٰلَهَآ أَنْهَٰرًا وَجَعَلَ لَهَا رَوَٰسِىَ وَجَعَلَ بَيْنَ ٱلْبَحْرَيْنِ حَاجِزًا ۗ أَءِلَٰهٌ مَّعَ ٱللَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٦١﴾

**61. Гьаб ракь нуж тӀад чӀолеб бакӀлъун гьабурав, гьеб ракьалда тӀад чвахулел гӀорал-лъарал гьарурав, гьеб ракьалда тӀад бутӀрулгӀадин мугӀрулги гьарурав, жинца кӀиго батӀияб ралъдал лълъималда гьоркьоб пардавги гьабурав щив вугев?!**

**Гьав Аллагьгун ﷻ цадахъ цогиги алагьишха вугев, гьаб рехсараб**

**жо бижизе хIал кIолев?** ГьечIо цоги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца жо бижулев ва жиндие гIибадат гьабизе хIакъав.

**Жидеца ширк гьабун алагьзабилъун хъанчал ва гIадамал кколезул гIемерисел, жидеца гьабулеб жо щиб бугебцин лъаларел руго.** Цо гIадамаз гьабулеб батараб жо гьаби гуреб, жидер г1амалалъул пикру гьабуларел руго.

**62. Жинда къварилъи-балагь щварав чияс ахIи бараб мехалъ гьесие жаваб кьезе кIолев ва гьесдаса къварилъи борхизе к1олев чи вугищ?** ГьечIо гьединав чи цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев.

أَمَّن يُجِيبُ ٱلۡمُضۡطَرَّ إِذَا دَعَاهُ وَيَكۡشِفُ
ٱلسُّوٓءَ وَيَجۡعَلُكُمۡ خُلَفَآءَ ٱلۡأَرۡضِۗ
أَءِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ قَلِيلٗا مَّا تَذَكَّرُونَ ٦٢

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца нуж гьаб ракьалда тIад халифабилъун гьарурав.** Цояб уммат ва къавм тIагIун хадуб, цогиги уммат ва къавм гьабун гьаб ракь къачIалел, гьелда тIад гIумру гьабулеллъун нуж гьарурав. **Гьав Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ цоги аллагьишха вугев? Гьаб жо бич1чIулев ва гьалъул вагIза босулев чи цIакъго дагь гурони гьечIо.**

**63. Гьаб ракьалда тIадги, ралъдада тIадги бецIлъуда ккараб мехалъ гьеб бецIлъуда рукIадго нужеда нух лъазабулев щив вугев? Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматлъун бугеб цIад балелде цебе рохалил чапарлъун гьурал ритIулевги щив вугев?** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго гьеб иш гьабулев.

أَمَّن يَهۡدِيكُمۡ فِي ظُلُمَٰتِ ٱلۡبَرِّ وَٱلۡبَحۡرِ
وَمَن يُرۡسِلُ ٱلرِّيَٰحَ بُشۡرَۢا بَيۡنَ يَدَيۡ
رَحۡمَتِهِۦٓۗ أَءِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ تَعَٰلَى ٱللَّهُ عَمَّا
يُشۡرِكُونَ ٦٣

**Гьав Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ цогиги аллагьишха вугев, жинца гьеб иш гьабулев ва жиндие гIибадат гьабизе бегьулев?** ГьечIо гьединав цоги аллагь. **Жив ТIадегIанав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьел мушрикаца жиндехун ширк гьабулеб жоялдаса.** Кинабго жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъат буго ва гьесул махлукъат гьевгун цадахъ алагьзабилъун рукIуларо.

**64. Жинца кинабго жоялъул бижи бай бихьулев ва ахираталда цIидаса рухIлъун гIадамал тIаде рахъизарулев щив вугев? Зобалаздаса ва ракьалдаса нужее ризкъи кьолевги щив вугев?**

أَمَّن يَبۡدَؤُاْ ٱلۡخَلۡقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ وَمَن يَرۡزُقُكُم مِّنَ
ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِۗ أَءِلَٰهٞ مَّعَ ٱللَّهِۚ قُلۡ هَاتُواْ
بُرۡهَٰنَكُمۡ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ٦٤

ТIадегIанав ва жив цогояв Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго гьеб иш жинца гьабулев. **Гьав Аллагьгун جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ цогиги алагьишха вугев жинца жо бижулев ва жинца ризкъи кьолев?** ГьечIо цоги алагь цохIо Аллагь

ﷻ гурев. **Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: «Нуж рачIаха нужерго хIужа-далил бачун, гьеб дагIбаялъулъ нуж ритIухъал ратани»-абун.**

قُل لَّا يَعْلَمُ مَن فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ الْغَيْبَ إِلَّا اللَّهُ ۚ وَمَا يَشْعُرُونَ أَيَّانَ يُبْعَثُونَ ﴿٦٥﴾

**65. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Гьаб ракьалда тIад ругел ва зобалазда ругел Аллагьасул ﷻ махлукъаталда:** гIадамазда, малаикзабазда ва жундузда **балъгояб жо лъаларо, гьеб балъгояб жо лъала цохIо Аллагьасда ﷻ. Жал кидал тIад рахъизарулебги лъаларо гьаб халкъалъул цониги чиясда.**

Гьаб аят рештIизабиялъе сабаб бицана: мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абун букIана дуца нижеда бице къиямасеб къо кида чIезе бугебин абун. Гьезие жаваблъун Аллагьас ﷻ гьаб аят рештIизабуна.

Гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго балъгояб жо лъалев щивго чи гьечIолъиялда гIадамал ругониги, жундул ругониги, малаикзаби ругониги.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатидаса бицараб хIадисалда буго: *«МухIаммад аварагасда ﷺ метер букIинесеб жо лъалин абурав чи Аллагьасде ﷻ гьереси гIунтIизабурав чи вуго ТIадегIанав Аллагьас абун буго: «Зобал ракьазда ругезда лъаларо балъгояб жо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони»*-абун. Х1адис ибну Абих1атимица бицана.

Г1ажаибаб жо буго нилъеда гьоркьор цо гIадамал рукIин жидеда цебехун арабги хадуб бачIунебги жо лъалаян абулел. Гьел ритIухъ гьарун, гьезухье хьвадулел гIадамал рукIинги цIакъго гIажаибаб жо буго. Гьел гIадамал руго гьаб хирияб Къуръаналда жидеца инкар ккурал, хирияв аварагасул ﷺ хIадисалдаги гIамал гьабуларел.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго:*«Жинда балъгояб жо лъалаян абулев чиясухъе ун гьесда жо ц1ехарав чиясул к1екъого къоялъ как къабул гьабуларин»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьел гIадамазул гIемерисел руго жидеца гьереси бицунел, яги сихIру гьабулел, яги инсанасул хиялал цIалулел. ХIажаж абулев чиясухъе цо балъгояб жо лъалин абулев чи вачун вачIана. ХIажажица цо чанго гамачI рикIкIун ва гьезул рикIкIен жиндир ракIалдаги ккун, гьел ганчIал хъатикье ккуна ва дов чиясда абуна: «Чан гамачI бугеб дир хъатикье?»-абун. Дов чияс чан гамачI бугеб битIун бицана. Цинги ХIажажица гьел ганчIалги гIодоре рехун цоги ганчIал ккуна хъатикье, жинда чан гамачI бугеб лъаларел. Гьанже чан гамачI бугеб

дир хъатикьеян абидалго, дов чиясда лъачIо чан гамачI бугеб. Гьелъие г1илла щибан гьикъидал дос абуна: «Дуца ганчIал рикIкIараб мехалъ, ва гьезул рикIкIен ракIалдаги ккураб мехалъ, гьеб жо балъгояб жо букIиналъул хIукмуялдаса бахъана, -(щайгурелъул дуда цадахъ бугеб щайт1аналдаги лъалеб бугелъул дур рик1ен чан бугебали, ва гьелъ гьеб рик1ен бицула гьев балъго жо лъалин вугев чиясда, амма дуца рик1ич1еб мехалъ дуда цадахъ бугеб щайт1аналдаги лъаларо гьелъул рик1ен)- ва дида гьеб рикIкIен лъана. Гьанжесалалъ дудаги лъалеб букIинчIо чан гамачI бугеб, дидаги лъачIо»-абун.

بَلِ ٱدَّٰرَكَ عِلۡمُهُمۡ فِي ٱلۡأٓخِرَةِۚ بَلۡ هُمۡ فِي شَكّٖ مِّنۡهَاۖ بَلۡ هُم مِّنۡهَا عَمُونَ ٦٦

**66. Гьел мушриказул гIелму-лъай нахъ регIуларо ахираталъул амруялда.**
Гьел ахират букIиналда божулелги гьечIо. Гьезул мурад гьечIо ахираталъул хIукму лъай, дуда гьеб гьикъулеб мехалъги. **Гьел руго цIакъ щакдарулел гIадамал ахираталда иман лъеялда. Жегиги гьел мушриказул ракIал беццал руго гьеб ахират лъаялдаса ва гьелдаса хIинкъиялдаса.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ أَءِذَا كُنَّا تُرَٰبٗا وَءَابَآؤُنَآ أَئِنَّا لَمُخۡرَجُونَ ٦٧

**67. Аллагьасда ﷻ ва ахираталда инкар ккурал гIадамаз абуна: «Нижги, нижер умумулги хун, ракьлъун лъугьун хадур х1акълъунго тIадейищ рахъизарулел?»-абун.**

لَقَدۡ وُعِدۡنَا هَٰذَا نَحۡنُ وَءَابَآؤُنَا مِن قَبۡلُ إِنۡ هَٰذَآ إِلَّآ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ٦٨

**68. Х1акълъунго нижее гьеб жо къотIи гьабулеб буго гьав МухIаммадица ﷺ церехун рукIарал нижер умумузеги къотIи гьабураб гIадинго.**
Гьел цересел умумул жегиги тIаде рахъизарун гьечIо, нижги тIаде рахъизаризе гьечIо. **Гьеб рагIи буго цереселго гIадамаз ургъараб гьересияб хабар абун.** Гьел гIадамазда кIочон буго ТIадегIанав Аллагьас ﷻ жал щибго жо гьечIеб бакIалдаса рижун рукIин, ва гьедин инсан вижарав Аллагь ﷻ гьев хун хадув тIаде вахъинавизе кIолев вукIинги.

قُلۡ سِيرُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَٱنظُرُواْ كَيۡفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلۡمُجۡرِمِينَ ٦٩

**69. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нуж гьаб ракьалда тIад хьваде ва пикру гьабе нужеда церехун Аллагьасда ﷻ инкар ккун рукIарал гIасиял ва пасикъал гIадамазул ахир кинабдай кканаян»-абун.**
Аллагьас ﷻ гьел киналго гьалаг гьаруна, гьезул росаби ва шагьаралги

чIвадазда сверана. Гьеб иш нужееги гьабизе бегьула ТIадегIанав Аллагьас, нужеца иман лъечIони ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабунги хьвадичIони.

**70. Гьел мушриказ иман лъечIо абун мун пашманлъуге МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ.** وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ وَلَا تَكُن فِي ضَيْقٍ مِّمَّا يَمْكُرُونَ ﴿٧٠﴾
**Гьез дуе гьарулел макрабаздалъун дур керен-рак1ги унтуге, дуе гьеб захIмалъуге.**
Мун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIунизе вуго гьезул макрабаздаса.

**71. Гьел мушрикаца абулеб буго: «Кидаха букIине бугеб гьеб нижее къотIи гьабулеб гIазаб, нуж битIараб жо бицунелллъун ратани?»-абун.** وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٧١﴾
Гьеб рагIи буго иман лъезе чIухIун, иман лъурал махсароде гьарун абулеб рагIи.

**72. Дуца абе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Гьеб нужее къотIи гьабураб ва нужее хехго бачIине бокьун бугеб гIазабалъул цо бутIа нужеда гIагарлъун букIине бегьулаян»-абун.** قُلْ عَسَىٰ أَن يَكُونَ رَدِفَ لَكُم بَعْضُ الَّذِي تَسْتَعْجِلُونَ ﴿٧٢﴾
ГIалимзабаца абуна гьеб гIазаб букIана Маккаялъул мушриказда Бадроялда щвараб -абун.

**73. Х1акълъунго, дур БетIергьан Аллагь вуго МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гIадамазда цIоб-рахIму бугев, гьезие лъикIаб жо гьабулев. Амма гьезул гIемерисел жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазда данде щукру гьабуларел руго.** ТIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда гIасилъарал гIадамазе гIазаб хех гьабуларо гьез тавбо гьабизе бокьун, гьел лъикIаб нухда рачIизе бокьун. ГIадамазул гIемерисезе гьеб гурхIел-рахIму бич1чIуларо ва жидеца тавбо гьабун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хьвадуларо. وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ﴿٧٣﴾

**74. Х1акълъунго, дур БетIергьан Аллагь гьел гIадамазул ракIазда бугебги жо жинда лъалев вуго, гьез загьиралда гьабулеб жоги жинда лъалев вуго.** وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُورُهُمْ وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٧٤﴾

**75. Зобал ракьада жаниб цониги бальгояб ва рикIкIадаб жо гьечIо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лавхIул-махIфузалда хъван, къадар** وَمَا مِنْ غَائِبَةٍ فِي السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ إِلَّا فِي كِتَابٍ مُّبِينٍ ﴿٧٥﴾

**гьабун букIун гурони.**

إِنَّ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانَ يَقُصُّ عَلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَكْثَرَ ٱلَّذِى هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿٧٦﴾

**76. Х1акълъунго гьаб хирияб Къуръан буго жинца бануисраилазда бицунеб гьел жиндилъ хилиплъун ругеб диналъул г1емерисеб хабар.**

Гьез Мух1аммад аварагасдаги ﷺ, гьесда рештIинабураб Къуръаналдаги иман лъолебани ва гьеб Къуръаналда хъвараб жоялда гIенеккун, гьелъул пикру гьаублебани, ягьудиязул ва насраниязул гIемераб щаклъи ва балъголъи тIаса ине букIана ва жидеда гьоркьоб бугеб тушманлъиги тIагIизе букIана.

وَإِنَّهُۥ لَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ﴿٧٧﴾

**77. Х1акълъунго гьаб Къуръан буго муъминзаби хIакъаб диналда тIоритIулеб ва гьезие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматлъун бугеб.**

إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِى بَيْنَهُم بِحُكْمِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٧٨﴾

**78. Х1акълъунго дур БетIергьан Аллагь гьел бануисраилазда гьоркьоб жинца хIакъаб хIукму гьабулев вуго. Ва Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гуч ва къуват бергьарав, жиндир гIелму-лъай кинабго жоялда гIамлъарав вуго.**

فَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ ۖ إِنَّكَ عَلَى ٱلْحَقِّ ٱلْمُبِينِ ﴿٧٩﴾

**79. Дуца таваккал тIаме МухIаммад ﷺ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ, х1акълъунго мун вуго жиб баянаб, хIакъаб диналда ва битIараб нухда.**

إِنَّكَ لَا تُسْمِعُ ٱلْمَوْتَىٰ وَلَا تُسْمِعُ ٱلصُّمَّ ٱلدُّعَآءَ إِذَا وَلَّوْا۟ مُدْبِرِينَ ﴿٨٠﴾

**80. Х1акълъунго дуда кIоларо хварал гIадамазда жо рагIизабизе ва дуца гIинкъав чиясда ахIараб гьаракьги рагIизабуларо, гьел дудаса мугъбан руссараб мехалъ.**

Гьаб буго капурал гIадамазе бачараб мисал. Гьел гIинкъал, беццал, хварал гIадамазда релълъун руго жидеца вагIза-насихIат босун гутIиялъул рахъалъан.

وَمَآ أَنتَ بِهَٰدِى ٱلْعُمْىِ عَن ضَلَٰلَتِهِمْ ۖ إِن تُسْمِعُ إِلَّا مَن يُؤْمِنُ بِـَٔايَٰتِنَا فَهُم مُّسْلِمُونَ ﴿٨١﴾

**81. Мун гьечIо МухIаммад ﷺ, бецав чи хIакъаб нухда тIовитIулевлъун, гьев къосаравлъун чIараб мехалъ.**

**Дуда кIоларо хIакъаб жо рагIизабизе жидеца дир Къуръаналда иман лъурал ва жал дие мутIигIлъарал гIадамазда гурони.**

Гьал аятаз баян гьабулеб буго ТIадегIанав Аллагьасул каламалдаса жиндие мунпагIат щолев чи вукIин жинца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурав, гьесул авараг ритIухъ гьавурав чи. Жиндир рекIелъ иманалъул

нур гьечІев, гьеб ракІ купру-ширкалъул бецІлъиялъ ва мунагьазул кьавуялъ цІун бугев чиясда, кигІан гІемераб Кьуръан цІаланиги, кигІан пасихІав вагІзачияс вагІза гьабуниги, гьесие щибго асар лъугьуларо. Гьаб рагІиялда тІаде суал бачІине бегьула: иман лъурал гІадамазе гурони Кьуръаналъ мунпагІат гьабулеб гьечІони, гьелдалъун капурал гІадамазе вагІза кин гьабулеб абун. Гьаб бакІалда капурал ва иман лъурал абураб рагІиялдаса мурад буго: жидеца иман лъолел, гьеб иман лъеялъе жидер зарра азалалдаго мутІигІлъарал гІадамал ва жидеца иман лъоларел, жал жужахІалъе рижарал гІадамалги.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хІукму-кьадаралда иман лъолеллъун ругел гІадамаз гьаб махлукъаталъул пикру гьабула, гьелъул Халикъ вукІине кколеблъи жидеда бичІчІула. Гьеб жо бичІч1араб мехалъ гьезул ракІаз ва напсаз тІалаб гьабула щивдай вугев гьев Халикъ ва щиб мураддай бугеб гьаб махлукъат бижиялдасаян абун. Гьев чи вуго жиндир рекІелъ иманалъул нур лъугьарав чи. Гьев чиясда хирияб Кьуръан ва хирияв расуласул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ хІадисал цІалулел рагІараб мехалъ, гьес гьезул пикру гьабула, гьезда нахъвилълъине кьасд гьабула. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесие квербакъи гьабун гьесул иман цІик1кІула ва гьесул гІамалги Кьуръан-хІадисалда рекъола.

Жинца иман лъоларев чияс гьаб махлукъаталъул пикру гьабун гьелъул Халикъ вукІин чІезабуларо. Гьев хІайваналда релълъун кванан-гьекъон, цохІо жакъасеб кьоялъул ва дагьабго заманалъул дунялалда ракІ гъун, гьелда божун, ахираталда иман лъечІого вукІула. Гьесда Кьуръан-хІадис рагІуларо, гьелъул пикру гьабуларо ва гьелъ жиндие щибго асарги гьабуларо.

Нилъеда иман лъолевги, лъоларевги чи ватІа гьавизе лъаларелъул, нилъеда тІадаб буго Кьуръан-хІадисалдалъун вагІза гьабун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гІибадат гьабиялда гІадамал ахІи. Гьез вагІза кьабул гьаби яги кьабул гьабун гутІи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хІукмуялда рекъон букІила.

**82. Гьел гІадамазе кьотІи гьабураб кьиямасеб кьо гІагарлъараб мехалъ дица гьезие цо хІайван бахъизабила жинца капурал гІадамазда калам гьабулеб; Х1акълъунго гьал г1адамал дир аятазда божуларел ругелъул.**

۞وَإِذَا وَقَعَ ٱلْقَوْلُ عَلَيْهِمْ أَخْرَجْنَا لَهُمْ دَآبَّةً مِّنَ ٱلْأَرْضِ تُكَلِّمُهُمْ أَنَّ ٱلنَّاسَ كَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا لَا يُوقِنُونَ ﴿٨٢﴾

Гьеб хІайваналъул каламалдаса букІизе буго, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагІнат лъеги гьесда иман лъоларел, гьесул аварагзабиги عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ ритІухъ гьаруларел залимал гІадамаздаян аби.

Гьаб хIайван бахъулеб заман буго цIакъ гIадамал пасалъараб ахир замана. Гьез Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин тараб, хIакъаб дин хвезабун жидерго напсазе бокьарал динал ургъун, гьел динал гьарулеб.

Жинда Аллагь разилъаяв Х1узайфатидаса имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Къиямасеб къо чIоларо гьелда цебе анцIго гIаламат нужеда бихьун гурони: 1. Бакъ тIерхьудаса бакъ бакки буго гьеб гIаламат. 2. Ракьалда тIад кIкIуй тIибитIиги буго. 3. Ракьалда тIад цо хIайван бахъинги буго. 4. Яъжуж-маъжуж загьирлъиги буго. 5. ГIиса авараг عَلَيْهِالسَّلَامُ вачIинги буго. 6. Дажал загьирлъиги буго. 7. Лъабго батIияб ракьулъе рортиги буго (ракь жаниб борти): цо машрикъалда. 8. Магърибалда. 9. ГIарабиязул жазиратaлдаги. 10. Г1аданалъул (бак1алда ц1ар) гъварилъудаса цо цIа загьирлъиги буго жинца гIадамал цере къотIун рачунеб, гьел чIаралъуб жиб чIолеб, гьез сордо баралъуб жинцаги сордо балеб»*-абун.

Цоги хIадисалда буго: Гьеб хIайван бахъараб мехалъ гьелъ капурчиясул ва муъминчиясул гьумералда гIуж гьабулин ва гьеб гIужалдалъун капуралги иман лъуралги гIадамал батIа гьаризе лъалин абун.

وَيَوْمَ نَحْشُرُ مِن كُلِّ أُمَّةٍ فَوْجًا مِّمَّن يُكَذِّبُ بِـَٔايَٰتِنَا فَهُمْ يُوزَعُونَ ﴿٨٣﴾

**83. Гьеб къиямасеб къоялъ дица щибаб умматалдаса дир мугIжизаталги аварагзабиги عَلَيْهِمُالسَّلَامُ гьереси гьарулел рукIарал къокъаби тIаде рахъинарун цере къотIула, жал данде гьарун ва гIодорегIан гьарун.**

حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءُو قَالَ أَكَذَّبْتُم بِـَٔايَٰتِى وَلَمْ تُحِيطُوا۟ بِهَا عِلْمًا أَمَّاذَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٨٤﴾

**84. Х1исаб-мизан гьабулеб бакIалда гьел щвараб мехалъ гьезда бадиб чIвай гьабун ва гьезул мугъ бекизабун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан абула: «Нужеца щибго кIвар гьабичIого ва нужер щибго лъайги гьеч1ого дир аварагзабиги عَلَيْهِمُالسَّلَامُ, гьезда рештIинарурал тIахьалги гьересийищ гьарулел рукIарал? Гьеб гуреб цоги гIамал букIанищ нужеца дунялалда гьабулеб?-абун.** Ай: нужеца гьабураб лъик1аб г1амалго гьеч1огурищ, дир аятал гьереси гьари гуреб.

وَوَقَعَ ٱلْقَوْلُ عَلَيْهِم بِمَا ظَلَمُوا۟ فَهُمْ لَا يَنطِقُونَ ﴿٨٥﴾

**85. Гьеб къоялъ капураб къавмалда жидеца напсазе зулму гьабиялдалъун жидее къотIи гьабураб гIазаб щвела ва гьезул щибго каламги букIуларо.**

Гьез гIузро баччуларо ва гьезул щибго хIужжаги букIуларо жидедаса

гIазаб нахъчIвазе кIолеб.

**86.** Жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялъул пикру гьабун гьесул махлукъаталдаса вагIза босуларищ гьел инкар чагIаца? **Гьезда бихьуларищ Дица сордо гьабун букIин жиндилъ хIалхьи гьабулеблъун.**

أَلَمْ يَرَوْا أَنَّا جَعَلْنَا ٱلَّيْلَ لِيَسْكُنُوا۟ فِيهِ وَٱلنَّهَارَ مُبْصِرًا ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٨٦﴾

Къоялъ ризкъи тIалаб гьабун ва дунялалъул хIажалъабазда хьвадун свакарал гIадамал сардилъ свак чучизе регун, кьижун рахIаталда рукIуна. **Гьединго дица къоги гьабуна жиндилъ канлъи бихьулеблъун** жидер хIажатазулъ гIадамал хьвадизе. **Х1акълъунго гьаб сордо-къоялъул пикру гьабурав чиясеги гIаламат буго** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб, **гьелда иман лъолел г1адамазе.**

**87. Исрапил малаикас ссур пулеб къоялъ зобалазда ва ракьазда бугеб махлукъ цIакъ хIинкъула.**
Гьеб буго тIоцебесеб ссуралъуб пуй, жиндалъун гIадамазул гIакъло инеабулеб, гьезул хIинкъиялъе гIорхъи гьечIеб, гIисинал лъималцин рас хъахIлъун херал гIадамазда релълъунеб. **Гьеб къоялъ хIинкъичIого хутIула Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бокьарал,** гьес тIаса рищарал малаикзаби, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَام, шагьидзаби гIадал гIадамал.

وَيَوْمَ يُنفَخُ فِى ٱلصُّورِ فَفَزِعَ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَن فِى ٱلْأَرْضِ إِلَّا مَن شَآءَ ٱللَّهُ ۚ وَكُلٌّ أَتَوْهُ دَٰخِرِينَ ﴿٨٧﴾

Гьалда хадуб ссуралъуб пурабго кинабго гIалам хола ва ракьалде буссуна. Лъабабизе пураб мехалъ хварал тIаде рахъизарун махIшаралда ракIарула ва хIисаб-мизан гьабизе Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ цере чIезарула. **Гьаб ахираб ссур пураб мехалъ кинабго махлукъ Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **цере рачIуна жал цIакъ мутIигIаллъун ва гIодогIаналлъун.** Гьеб къоялъ ханзаби ва чIухIарал гIадамал рукIуларо. Къадро-къимат бугел, чIухIи-рецц бугел гIадамалги рукIуларо.

**88. Дуда гьеб ссур пураб къоялъ мугIрулги рихьизе руго жал жидер бакIалда чIун ругеб гIадин, гьел мугIрул цIакъ хехго, накIкIал гIадин унел ругониги.** Риххун, х1ур лъугьун, ракьалда т1ад т1ирит1ун уна муг1рул.

وَتَرَى ٱلْجِبَالَ تَحْسَبُهَا جَامِدَةً وَهِىَ تَمُرُّ مَرَّ ٱلسَّحَابِ ۚ صُنْعَ ٱللَّهِ ٱلَّذِىٓ أَتْقَنَ كُلَّ شَىْءٍ ۚ إِنَّهُۥ خَبِيرٌۢ بِمَا تَفْعَلُونَ ﴿٨٨﴾

**Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьасул иш, жинца кинабго жо цIакъ камилго бижарав ва щибаб жоялъул мухIканаб тарбияги гьабурав, х1акълъунго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда лъалев вуго кинабго нужеца**

**гьабулеб гIамал:** Гьесда щибго жо бальго хутIуларо ва щивав инсанасул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

مَن جَآءَ بِٱلۡحَسَنَةِ فَلَهُۥ خَيۡرٞ مِّنۡهَا وَهُم مِّن فَزَعٖ
يَوۡمَئِذٍ ءَامِنُونَ ﴿٨٩﴾

**89. Дунялалда иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун ахираталда вачIарав чиясе гьесул гIамалалдаса гIемерго лъикIаб жазаъ гьабизе буго ва гьел къиямасеб къоялъул хIинкъиялдаса божаралльунги рукIизе руго.**

وَمَن جَآءَ بِٱلسَّيِّئَةِ فَكُبَّتۡ وُجُوهُهُمۡ فِي ٱلنَّارِ
هَلۡ تُجۡزَوۡنَ إِلَّا مَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ﴿٩٠﴾

**90. Жидеца купру-ширк гьабун квешаб гIамалги босун ахираталда вачIарав чи гьумер гIодобе гьабун жужахIалъув реххула ва гьезда бадиб чIвай гьабун абула:**

**«Жакъа нужее гьабулеб жазаъ бугищ нужеца гьабураб квешаб гIамалалда рекъараб жазаъ гурони»-абун.** Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ:

إِنَّمَآ أُمِرۡتُ أَنۡ أَعۡبُدَ رَبَّ هَٰذِهِ ٱلۡبَلۡدَةِ
ٱلَّذِي حَرَّمَهَا وَلَهُۥ كُلُّ شَيۡءٖۖ وَأُمِرۡتُ أَنۡ أَكُونَ
مِنَ ٱلۡمُسۡلِمِينَ ﴿٩١﴾

**91. Х1акълъунго тIадегIанав Аллагьас дида амру гьабун буго дица лагълъи гьабе абун гьаб Макка хIарамалъул ва КагIба рукъалъул БетIергьанасе. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго кинабго жоялъул БетIергьан;** гьеб бижарав, гьеб хьихьулев ва хвезарулев. **Гьединго дида амру гьабун буго дун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъарал, гьесул амруялда ва хIукмуялда нахърилълъараздаса вукIаян абун.** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат бац1цIад гьабун, тIобанго гьесул мурадазе напс кьуравлъун вукIа абун.

وَأَنۡ أَتۡلُوَاْ ٱلۡقُرۡءَانَۖ فَمَنِ ٱهۡتَدَىٰ فَإِنَّمَا
يَهۡتَدِي لِنَفۡسِهِۦۖ وَمَن ضَلَّ فَقُلۡ إِنَّمَآ أَنَا۠ مِنَ
ٱلۡمُنذِرِينَ ﴿٩٢﴾

**92. Гьединго дида амру гьабун буго дица Къуръан гIемер цIале абун,** дие гьелъул хIакъикъат загьирлъизе ва дица гьеб умматалдаги лъазабизе. **Гьеб Къуръаналдалъун жив тIовитIун ккарав чи жиндирго напсалъе лъикIлъиялъе, гьеб напс ахираталда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса хвасар гьабиялъе тIовитIарав чи вуго. Гьеб Къуръаналъул вагIза-насихIат босичIого жив къосаравлъун чIарав чиясда дуца абе МухIаммад ﷺ: Х1акълъунго дун вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва алжаналдалъун рохел бицизе витIарв авараг»-абун.** Дида тIадаб рисалат дица тIобитIана, нужер къосиналъул балагь

нужеего букIизе бугин абун.

وَقُلِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ سَيُرِيكُمْ ءَايَٰتِهِۦ فَتَعْرِفُونَهَا ۚ وَمَا رَبُّكَ بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾

**93. Дуца абе МухIаммад ﷺ: кинабго щукру ва рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго,** жинца дун авараглъи кьун хира гьавурав, дие тIадегIанаб макъам ва шапагIат гьабизе изну кьурав.

**Нужеда Аллагьасул ﷻ хIалкIоялъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва мугIжизатал рихьизаризе руго. Нужеда гьел гIаламатал лъазеги руго гьел лъаялдалъун нужее щибго мунпагIат гьабулареб, нужер тавбо къабул гьабулареб гIужалъ.** Гьеб буго ахирзаман гIагарлъараб мех, гьелъул гIаламатги буго бакъ тIерхьулеб рахъалдасан бакъ бакки.

**Дур БетIергьан Аллагь гьел мушрикаца гьабулеб гIамал лъаларого, гьелдаса гъапуллъун гьечIо.** Гьесда кинабго жо бихьула ва лъала. Жиндир хIукму-къадаралда рекъон гьезие гIазаб гьаби нахъе бахъун букIуна ва гьеб къадар гьабураб заман тIаде щвараб мехалъ Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса гьел цIунизе кIолев щивго чи вукIуларо.

Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги жиндир ццим бахъулеб гIамал гьабиялдаса.
Аллагьас ﷻ нилъ тIоритIаги жив разияб гIамал гьабиялда.

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун «сурату Ннамли»-ялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе ﷻ буго.

# 28. Суратул Къасас

سُورَةُ القَصَص

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб ункъоялда микьго аят бугеб.*

*Жинда цебе бугеб кIиябго сураталда релълъун, гьабги Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал рицин, аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ва гьезул умматазул къисаби рициналда тIад чIей гьабураб сурат буго.*

*ХIакъабги батIулабги жо батIа гьаби, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиги гьесда гIасилъиги баян гьабулеб буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ боязда гьоркьобги щайтIаналъул боязда гьоркьобги букIунеб даимаб къец ва къеркьей бицунеб буго. Бищунго къосарав ва залимав, жив аллагь вугин абизе хIинкъичIев, пиргIавнил къиса бицун буго, гьес гьарулел рукIарал зулмабиги баян гьарун. Гьелда хадуб Къарумил къиса бицун, боцIи-мал сабаблъун инсан гьалаглъиялъе мисал бачун буго.*

*ЛъикIаланго гIатIид гьабун Муса аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ хабар бицун буго: гьев гьавиялъул, хадув пиргIавнил рукъов хьихьун кIудияв гIеялъул, жив гIолохъанлъуда вахараб мехалъ гьес къибтIияв чIваялъул бицун буго. ШугIайбил Мадяналдаса тIад вуссараб мехалъ Мусае авараглъи عَلَيْهِالسَّلَامُ кьеялъул ва жив цIидасан Мисриялда ун жинца пиргIавние дагIват гьабиялъул бицун буго.*

*Сураталда цIар лъун буго «Къисабазул сурат»-абун. гьелда жанир аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ къисаби рицун рукIиналъ.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

طسٓمٓ ﴿١﴾

**1. ТIа. Син. Мим.**

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго гьел хIурупаздалъун щиб мурад бугеблъи. Гьал гIараб хIурупаздаса данде гьабураб жо буго Къуръан, жинда релълъараб гьабизе щивниги чиясда кIвечIеб.

تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱلْكِتَٰبِ ٱلْمُبِينِ ﴿٢﴾

**2. Гьал руго жиб баянаб, жиндир хIукмуги загьираб Къуръаналъул аятал.**

نَتْلُوا۟ عَلَيْكَ مِن نَّبَإِ مُوسَىٰ وَفِرْعَوْنَ بِٱلْحَقِّ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٣﴾

**3. Дица дуе бицине буго ва дуе цIализе буго МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, Муса аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ ва пиргIавнил къиса**

**жиб хIакъаб, жинда жаниб гьереси ва батIулаб жо гьечIеб.**
**Гьеб къиса бицунеб буго жидеца Къуръан ритIухъ гьабулел муъминзабазе вагIзалъун.**

إِنَّ فِرۡعَوۡنَ عَلَا فِي ٱلۡأَرۡضِ وَجَعَلَ أَهۡلَهَا شِيَعٗا يَسۡتَضۡعِفُ طَآئِفَةٗ مِّنۡهُمۡ يُذَبِّحُ أَبۡنَآءَهُمۡ وَيَسۡتَحۡيِۦ نِسَآءَهُمۡۚ إِنَّهُۥ كَانَ مِنَ ٱلۡمُفۡسِدِينَ ٤

4. **ХIакълъунго пиргIавн цIакъ чIухIун ва гIамал кIодолъун хьвадана Мисриялъул ракьалда. Гьес гIадамал къокъаби гьарун рикьана жиндие лагълъи гьабиялъе. БануисраилазулгIадамалгIодорегIанал, жидеца квешаб ва захIматаб хIалтIи гьабулел лагъзаллъун гьаруна. Гьезул киналго бихьинал лъимал жинца хъолел рукIана ва ясал нахъе толел рукIана,** жиндие ва жиндир къавм къибтIиязе хъулухъ гьабизе. **ХIакълъунго гьев пиргIавн вукIана ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел гIадамазул бищунго залимав.**

Гьесул бищунго кIудияб зулму ва пасалъи букIана жив алагь вугин абун жиндие лагълъи гьабизе гIадамал тIами. Бануисраилазул бихьинал лъимал хъвеялъе сабаб букIана гьев пиргIавнида бихьараб макъу. Гьесда бихьана Байтул-мукъадасалъул ракьалдаса бачIун кIудияб цIаялъ Мисриялъул ракьалда ругел къибтIиял рухIулеллъун, бануисраилалги сах-саламат тун.

Гьеб макъу кагьанатазда ва цIвабзазул гIелму лъалел гIадамазда бициндал гьез абуна: бануисраилазулъ гьавурав цо вас вукIине вугин дудаса ханлъи тIаса иналъе ва мун гьалаглъиялъе сабаблъун абун. Цинги пиргIавница амру гьабун букIана бануисраилазул киналго бихьинал лъимал хъвейин абун.

وَنُرِيدُ أَن نَّمُنَّ عَلَى ٱلَّذِينَ ٱسۡتُضۡعِفُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَنَجۡعَلَهُمۡ أَئِمَّةٗ وَنَجۡعَلَهُمُ ٱلۡوَٰرِثِينَ ٥

5. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Дие бокьула жидее зулму гьабулел гIадамазда гурхIел-цIоб гьабизе ва жал загIипал, гIодорегIанал лагъзаллъун рукIун хадур, гьел цогидалги жидеда нахърилълъулел имамзабилъун ва церехъабилъун гьаризе. Гьезие пиргIавнилги гьесул къавм къибтIиязулги ракь ва кинабго бечелъи ирсалъе кьезе.** Гьаб къавмги гьалаг гьабун гьезул шагьарал ва росаби бануисраилазе ирсалъе босараб гIадин кьезе.

وَنُمَكِّنَ لَهُمۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَنُرِيَ فِرۡعَوۡنَ وَهَٰمَٰنَ وَجُنُودَهُمَا مِنۡهُم مَّا كَانُواْ يَحۡذَرُونَ ٦

6. **Дица бануисраилал ракьалда тIад ханзабилъунги гьарун, гьелдалъун хIакъ гьабила гьел къибтIиял жиндаса хIинкъун рукIараб амру:**

**пиргIавнида, Гьаманида ва гьезул боязда дица бихьизабила бануисраилаздалъун жидер ханлъи тIаса ин ва жал гьалаг гьари.**

وَأَوۡحَيۡنَآ إِلَىٰٓ أُمِّ مُوسَىٰٓ أَنۡ أَرۡضِعِيهِۖ فَإِذَا خِفۡتِ عَلَيۡهِ فَأَلۡقِيهِ فِي ٱلۡيَمِّ وَلَا تَخَافِي وَلَا تَحۡزَنِيٓۖ إِنَّا رَآدُّوهُ إِلَيۡكِ وَجَاعِلُوهُ مِنَ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ٧

7. Мусаги عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьавун, гьев киндай къибтIияздаса цIунилаян ургъалида йигеб мехалъ, малаик витIун **дица Мусал эбелалда вахIю гьабуна дуца гьев вас хахизавеян абун.**
**КъибтIиязда дур васасул амру лъаялда мун хIинкъараб мехалъ, дуца гьев вас цо гъамасалда жанивги лъун Нил гIорулъе рехе. Мун гьев вас гьалаглъилилан абун хIинкъуге ва гьев дудаса ватIалъанин абун пашманлъуге. Х1акълъунго Дица гьев вас духъе тIад буссинавизе вуго ва Дица гьев хириял аварагзабаздаса** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьавизе вуго -абун.** Гьаб пасадаб, залимаб къавмалдаса бануисраилал хвасар гьаризе ва гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда ахIизе расуллъун гьавизе вуго абун.

Мусал эбелалда вахIю гьабуна абураб рагIиялъул магIна гьечIо гьей авараг йикIана абураб. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъзадерида малаикзаби ритIун цо-цо жо лъазабула, гьел аварагзаби гьечIониги.

ТIадегIанав Аллагьас вахIю гьабураб хIалалъ Мусал эбелалъ гьев гъамасалда жанивги лъун Нил гIурулъе рехана:

فَٱلۡتَقَطَهُۥٓ ءَالُ فِرۡعَوۡنَ لِيَكُونَ لَهُمۡ عَدُوّٗا وَحَزَنًاۗ إِنَّ فِرۡعَوۡنَ وَهَٰمَٰنَ وَجُنُودَهُمَا كَانُواْ خَٰطِـِٔينَ ٨

8. **Муса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **жанив вугеб гъамас гIорулъан къватIибе босана пиргIавнил кумекчагIаца ва гьесул кIалгIаялъубе бач1ана.**
**Гьеб ишги гьез гьабуна гьелъул ахир жидее балагьлъун ва пашманлъилъун букIине. ХIакълъунго пиргIавнги, гьесул вазир Гьаманги, гьезул киналго боялги жал Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасилъарал, жидеца ширк ва пасалъи гьабулел гIадамал рукIана.**

Гъамас рагьараб мехалъ гьелда жанив берцинав вас ватана. Гьев вихьарабго пиргIавнил чIужу Асиятил гьесда ракI ана ва гьев жиндие васлъун тезе бокьана.

وَقَالَتِ ٱمۡرَأَتُ فِرۡعَوۡنَ قُرَّتُ عَيۡنٖ لِّي وَلَكَۖ لَا تَقۡتُلُوهُ عَسَىٰٓ أَن يَنفَعَنَآ أَوۡ نَتَّخِذَهُۥ وَلَدٗا وَهُمۡ لَا يَشۡعُرُونَ ٩

9. **Цинги пиргIавнил чIужуялъ гьесда абуна: «Гьаб лъимер буго диеги дуеги рекIел гьеялъе, бер боххиялъе бугеб. Гьав вас чIвачIого те! Гьев васас нилъее мунпагIат гьабизе бегьула яги нилъеца гьев васлъун тела»-абун. ПиргIавнида ва гьесул къавмалда лъалеб**

**букIинчIо гьев вас вукIин гьел гьалаглъиялъе сабаблъун вугев.** Асиятил гьари пиргIавние рекIее гIечIо. Гьес абуна: дуе рекIелгъей ва бербоххи вукIизе бегьула гьев, амма дие гьев хIажат гьечIоян-абун. Цинги Асиятица гьарана гьев вас жиндие сайгъат гьавун тейин. Гьедин Асиятил квербакъиялдалъун Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ пиргIавнил рукъов хутIана.

وَأَصْبَحَ فُؤَادُ أُمِّ مُوسَىٰ فَارِغًا ۖ إِن كَادَتْ لَتُبْدِي بِهِ لَوْلَا أَن رَّبَطْنَا عَلَىٰ قَلْبِهَا لِتَكُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١٠﴾

**10. Мусал эбел цохIо гьесул гурони ургъел гьечIого, цогидаб кинабго жо кIочIон лъугьана;** гьев пиргIавнил рукъов ккараблъи лъараб мехалъ цIакъго чара хун лъугьана **ва гьев дир вас вугоян ахIизе гIагарлъана.**

**Дица гьелъул рекIелъ сабру рехун букIинчIебани гьей цIакъ ракI къварилъун лъугьун йикIана. Гьей жиндие гьабураб къотIи ритIухъ гьабулей, гьелда божарайлъун йикIине бокьун,** дица гьелъие сабру кьуна. Гьелъие гьабураб къотIи букIана Муса гьелъухъ тIадвуссинавизе вуго абураб.

وَقَالَتْ لِأُخْتِهِ قُصِّيهِ ۖ فَبَصُرَتْ بِهِ عَن جُنُبٍ وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿١١﴾

**11. Мусал эбелалъ гьесул яцалда абуна: «Мун а гьев Мусал хIал лъазабизе»-абун. Гьей пиргIавнил кIалгIаялда аскIой ун балъгого гьениб жаниб гьабулеб жоялда балагьизе жуяна. ПиргIавнил къавмалда гьей щий йигей ва щиб гьабулей йигей лъалеб букIинчIо.**

۞ وَحَرَّمْنَا عَلَيْهِ الْمَرَاضِعَ مِن قَبْلُ فَقَالَتْ هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلَىٰ أَهْلِ بَيْتٍ يَكْفُلُونَهُ لَكُمْ وَهُمْ لَهُ نَاصِحُونَ ﴿١٢﴾

**12. Дица гьев Мусае хIарам гьабуна цониги чIужуялъул керен хахизе жиндирго эбелалъул керен щвелелде цебе.**

Гьев хахизавизеян рачун рачIарал руччабазул керен гьес кIалдиб босичIо. Цинги гьел кIалгIаялдаса къватIире рахъун Муса хахизавизе чIужуг1адан цIехезе лъугьана. **Гьезда данде ячIана Мусал яц ва гьелъ абуна: «Дица тIоритIилищ нуж гьев вас жидеца хахизе гьавулеб хъизаналде. Гьев берцинго хьихьулел ва хиянат гьабуларел?»-абун.**

Гьелда абуна аха гьей чIужугIадан ячине абун. Мусал эбел кIалгIаялъуе ячун ячIараб мехалъ, Муса пиргIавнида кодов ккун, вакъун гIодилев вукIана ва гьесул гIоди чIезабизе кIоларого, гьесда ракI гурхIун, сверун лъугьун агьлуги букIана. Муса эбелалъухъе кьураб мехалъ гьес гьелъул керен хахана ва гьесул гIодиги тIагIана.

ПиргIавница абуна: «Мун щий кколей гьас керен хахизе ккани, цониги чIужугIаданалъул хахичIеб?»-абун. Гьелъ абуна: «Дир каранзул рахь

махI берцинаб буго ва дирги махI берцинаб буго. Дица керен кьураб цониги лъимералъ дир керен хахичIого толаро»-абун. Цинги гьев Муса хахизе гьелъухъе кьуна ва гIемерал сайгъаталги кьун, кIодо гьаюн, жиндирго рукъой йитIана. Гьаб амруялъул бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**13. Дица Муса жиндир эбелалъухъе вуссизавуна: Гьелъул бер боххизе ва гьей пашманлъичIого йикIине. Гьелда лъазе х1акълъунго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабураб къотIи хIакъаб букIин.**

فَرَدَدْنَٰهُ إِلَىٰٓ أُمِّهِۦ كَىْ تَقَرَّ عَيْنُهَا وَلَا تَحْزَنَ وَلِتَعْلَمَ أَنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٣﴾

ПиргIавнил квешлъиялдасанги цIунун, Муса гьелъухъе тIад вуссинави кIудияб нигIмат букIана. **Ва амма гIадамазул гIемерисел жидеда лъаларел руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир къотIуе ритIухъав вукIин.** Ва гьесул ахират букIизе бугин, гьениб хIисаб-мизан ва алжан-жужахI букIизе бугин абураб къотIиялда божуларел руго.

**14. Муса авараг عَلَيْهِالسَّلَامُ жиндир гIолохъанлъиялда вахараб мехалъ ва жиндир гIакълоги, къуватги камиллъараб мехалъ, дица гьесие гIелмуги кьуна ва хIукму гьабизе гьунарги кьуна.**

وَلَمَّا بَلَغَ أَشُدَّهُۥ وَٱسْتَوَىٰٓ ءَاتَيْنَٰهُ حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٤﴾

Диналъулъ бич1чIи кьунин ва авараглъи кьунин абуна цо гIалимзабаз. Цогидаз абуна: гьеб заманаялъ Мусал عَلَيْهِالسَّلَامُ лъеберго сон букIана, гьесие авараглъи гьелдаса хадуб кьуна абун. Гьаб кIиябго рагIи цоцазда гIагар гьабизе кIолеб буго: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев авараглъун вукIиналъе тIаса вищун вукIиндал, гьесул гIелму ва гIакъло камилаб букIана аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ букIунеб хIалалъ. **Дица гьадинаб жазаъ гьабула лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел гIадамазе.**

**15. Муса пиргIавнил къавм бугеб шагьаралда жанив лъугьана гIадамал гьапулаб гIужалъ.**

Къалъул гIужалъ, гIадамал жидерго рукъзабахъе руссун бакъул бухIиялдаса цIунун хIохь бахъи ва рахIат гьабулел рукIунеб мехалъ. Яги маркIачIудаса хадуб.

**Гьеcда кIиго чи ватана цо-цазде рагъдолел: гьезул цояв къибтIиязул вукIана, цогидалав бануисраилазул вукIана. Цинги бануисраилазулас Мусада ахIи бана жиндие кумек гьабе абун,**

وَدَخَلَ ٱلْمَدِينَةَ عَلَىٰ حِينِ غَفْلَةٍ مِّنْ أَهْلِهَا فَوَجَدَ فِيهَا رَجُلَيْنِ يَقْتَتِلَانِ هَٰذَا مِن شِيعَتِهِۦ وَهَٰذَا مِنْ عَدُوِّهِۦ ۖ فَٱسْتَغَٰثَهُ ٱلَّذِى مِن شِيعَتِهِۦ عَلَى ٱلَّذِى مِنْ عَدُوِّهِۦ فَوَكَزَهُۥ مُوسَىٰ فَقَضَىٰ عَلَيْهِ ۖ قَالَ هَٰذَا مِنْ عَمَلِ ٱلشَّيْطَٰنِ ۖ إِنَّهُۥ عَدُوٌّ مُّضِلٌّ مُّبِينٌ ﴿١٥﴾

**гьев къибтIиясул зулмуялдаса хвасарлъизе. Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ гьесда цо зар кьабуна ва гьев чи хун гIодове ккана.**

Мусал гьев чIвазе къасд букIинчIо. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къадар тIаде щварав гьесда Мусаца зар кьабиги, малаикас гьесул рухI босиги цадахъ ккана. Гьедин бугониги Муса цIакъ пашманлъана жиндаса ккараб жоялда.

**Мусаца абуна: «Гьаб иш буго щайтIаналъ дие гьабураб макру.** Гьелъ дир ццим багъаризабуна ва дун гьев чиясда зар кьабизе тIамуна. **Х1акълъунго гьеб щайтIан Адамил наслуялъул тушман буго ва гьел битIараб нухдаса къосизарулебги буго, жиндир тушманлъи загьираб, жиндаса цIунизе цIакъ захIматабги буго»-абун.**

**16. Хадубги Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّجَلَالُهُ! Х1акълъунго дица дир напсалъе зулму гьабуна:** Гьев чиясда зар кьабун ва гьелдалъун дун мунагьалъулъ ккун. **Дуца дир мунагьал чуре»-абун. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесул мунагьал чурана. Х1акълъунго, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго мунагьал чурулев ва жив гурхIулев.**

قَالَ رَبِّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي فَٱغْفِرْ لِي فَغَفَرَ لَهُۥٓ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٦﴾

**17. Мусаца абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие кьураб кIудияб нигIматалдалъун дица къотIи гьабулеб буго, зулмучагIазе квербакъулевлъун дун кидаго вукIизе гьечIоян»-абун.**

قَالَ رَبِّ بِمَآ أَنْعَمْتَ عَلَيَّ فَلَنْ أَكُونَ ظَهِيرًا لِّلْمُجْرِمِينَ ﴿١٧﴾

**18. Цинги Муса гьеб шагьаралда хIинкъун ва цIодорго хьвадулев вукIана.** гьесдаса ккараб иш къибтIиязда лъани гьез жиндие къварилъи гьабулеблъи лъан, кисан щиб хабардай рагIилаян абун цо къо ана. **Гьедин Муса вукIадго цебесеб къоялъ гьесдаса кумек тIалаб гьабурав бануисраилазул чияс жакъаги гьесда ахIи бана жиндие кумек гьабеян абун.**

فَأَصْبَحَ فِي ٱلْمَدِينَةِ خَآئِفًا يَتَرَقَّبُ فَإِذَا ٱلَّذِي ٱسْتَنصَرَهُۥ بِٱلْأَمْسِ يَسْتَصْرِخُهُۥ قَالَ لَهُۥ مُوسَىٰٓ إِنَّكَ لَغَوِيٌّ مُّبِينٌ ﴿١٨﴾

Гьев чи вугоан цоги къибтIиявгун вагъдолев ва гьесда Муса вихьараб мехалъ гьесда ахIиги балеб буго кумек гьабеян абун. **Мусаца гьесда абуна: «Х1акълъунго мун тIубанго къосарав, ахIмакъав чи вуго»-абун**. Мун сабаблъун сонги дидаса инсан хвана, жакъаги мун нечолев гьечIо дидаса кумек тIалаб гьабизе.

**19. Цинги Мусаца عَلَيْهِ السَّلَامُ, кIиясулго тушманлъун вугев дов къибтIиясда кьабизе къасд гьабураб мехалъ, гьес**

فَلَمَّآ أَنْ أَرَادَ أَن يَبْطِشَ بِٱلَّذِي هُوَ عَدُوٌّ لَّهُمَا قَالَ يَٰمُوسَىٰٓ أَتُرِيدُ أَن تَقْتُلَنِي كَمَا قَتَلْتَ

نَفْسًا بِٱلْأَمْسِ إِن تُرِيدُ إِلَّآ أَن تَكُونَ جَبَّارًا فِي ٱلْأَرْضِ وَمَا تُرِيدُ أَن تَكُونَ مِنَ ٱلْمُصْلِحِينَ ﴿١٩﴾

**абуна: Я Муса! Дуе бокьунищ бугеб дун чIвазе, сонги дуца цоги чи чIвараб гIадин? Дуе бокьун гьечIо мун ракьалда тIад зулму гьабулев, цIакъ гIамал кIудияв, залимав чилъун вукIине гурони. Дуе бокьун гьечIо мун маслахIат ва лъикIлъи гьабулев чилъун вукIине»-абун.** Цоги гIалимзабаца абуна гьаб рагIи абунин бануисраилазул чияс.

Гьаб рагIи абураб мехалъ дов къибтIиязул чи пиргIавнил къавмалда лъазабизе ана Мусаца гьезул чи чIван вугин абун. ПиргIавница амру гьабуна хехго гьев Муса кквезеги ккун жиндихъе вачеян абун. Мусада عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ хадуб ахIи бахъараблъи лъараб мехалъ гьеб шагьаралда вукIарав цо муъминчи къокъаб нух цIехон Муса хвасар гьавизе векерана ва гьесда тIаде щвана:

وَجَآءَ رَجُلٌ مِّنْ أَقْصَا ٱلْمَدِينَةِ يَسْعَىٰ قَالَ يَٰمُوسَىٰٓ إِنَّ ٱلْمَلَأَ يَأْتَمِرُونَ بِكَ لِيَقْتُلُوكَ فَٱخْرُجْ إِنِّي لَكَ مِنَ ٱلنَّٰصِحِينَ ﴿٢٠﴾

**20. Шагьаралъул рикIкIадаб рахъалдаса векерун вачIун, гьев чияс абуна: «Я Муса! ПиргIавнил агьлу данде руссун, мун чIвазеян ургъулел руго. Мун хехго шагьаралдаса къватIиве а! ХIакълъунго дун дуе лъикIлъи бокьарав ва дуе лъикIаб жо бицунев чи вуго»-абун.**

فَخَرَجَ مِنْهَا خَآئِفًا يَتَرَقَّبُ قَالَ رَبِّ نَجِّنِي مِنَ ٱلْقَوْمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٢١﴾

**21. Гьеб мехалъ Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ шагьаралдаса къватIиве ана, жив хIинкъун вугеб хIалалъ ва хадур гIадамал рачIуладаян жинца хъаравуллъиги гьабулаго. Мусаца абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дун хвасар гьаве гьаб квешаб, зулмуяб къавмалъул гIазабалдаса»-абун.**

وَلَمَّا تَوَجَّهَ تِلْقَآءَ مَدْيَنَ قَالَ عَسَىٰ رَبِّيٓ أَن يَهْدِيَنِي سَوَآءَ ٱلسَّبِيلِ ﴿٢٢﴾

**22. Мадяналда унеб нухда лъугьун, гьенивехун унаго, Мусаца абуна дир БетIергьанасда божи буго, дун битIараб нухда тIовитIилин, дир мурадлъун бугеб бакIалда дун щолеб-абун.**

Гьев къватIиве вахъана цадахъ щибго квен-тIех гьечIого, тIад рекIунеб жоги гьечIого. Мадяналда щвезегIан микьго къоялъул нух букIана. Гьесие нухги лъалеб букIинчIо, цохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ божун, гьесул квербакъиялда хьуллъун унев вукIана гьев гьеб Мадяналъул рахъалда. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда нух бихьизабизе малаик витIана. Гьесул

кваналеб квенги гъутIбузул тIамах ва хер букIана.

**23. Мадяналъул гIадамазул лъималъул гъуй бугеб бакIалда щвараб мехалъ Мусада عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIемерал гIадамал ратана жидерго боцIиги бачун гьеб гьекъезабизе рачIарал. Дагьалго дорегIан чIун жидер гIиял цогидазул гIиязда гьоркьор журазе ва гъуялда аскIоре ине гьукъун кIиго чIужугIаданги ятана.**

وَلَمَّا وَرَدَ مَآءَ مَدۡيَنَ وَجَدَ عَلَيۡهِ أُمَّةً مِّنَ ٱلنَّاسِ يَسۡقُونَ وَوَجَدَ مِن دُونِهِمُ ٱمۡرَأَتَيۡنِ تَذُودَانِۖ قَالَ مَا خَطۡبُكُمَاۖ قَالَتَا لَا نَسۡقِي حَتَّىٰ يُصۡدِرَ ٱلرِّعَآءُۖ وَأَبُونَا شَيۡخٞ كَبِيرٞ ٢٣

**Мусаца гьезда абуна нужецаги щай гьал гIиял гьекъезе риччаларел-абун. Гьей кIиялъго абуна: «Нижеца гIиял гьекъезаруларо гьал киналго гIадамал нахъруссун хадур гурони.** Нижер къуват гьечIо гьезда гьоркьор лъугьун гьезулгун дагIба-къец гьабизе, гьез ниж цереги риччаларо. Цоги гIиязул тIалаб гьабулев чиги гьечIо, **нижер эменги жив кIодолъарав, херав чи вуго»-абун.**

**24. Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезул гIиял гьекъезаруна. Цинги жив цо гъветIалъул рагIдукьеги ун гьенив гIодов чIана ва гьес абуна: «Я БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Х1акълъунго дун хIажатав вуго дур цIоб-рахIматалда»-абун.**

فَسَقَىٰ لَهُمَا ثُمَّ تَوَلَّىٰٓ إِلَى ٱلظِّلِّ فَقَالَ رَبِّ إِنِّي لِمَآ أَنزَلۡتَ إِلَيَّ مِنۡ خَيۡرٖ فَقِيرٞ ٢٤

Дир черх загIиплъун буго ва рухIги дагьлъун буго. Дир ракъи нахъчIвазе ва загIиплъи тIаса инзе дун дур ризкъиялда хIажалъун вуго абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв, жив халкъалъул лъикIав ва жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гаргадарав «Калимуллагь» Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ анкьго къоялъ тIагIам кваначIого вукIун жиндир чохьониб бугеб гIурччин хер бихьулеб хIалалъ хIалакълъун вукIана, жиндир хIатIазул тIомги тIаса ун букIана. Гьев хIажалъун вукIана чамастакил цо бащалъи бугониги жинца кваналеб жоялда»-абун.

Гьей кIияйго чIужугIадан ШугIайб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ясал рукIана. ГIиялги гьекъезарун гьел хехго рачIиндал ШугIайбица عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьезда гьикъана жакъа щиб ккараб нужее, нуж хехго рачIана гурищ абун. Гьез бицана жидее кумек гьабурав чиясул хабар. ШугIайбица гьел ясазул цоялай йитIана гьев чи вачун ячIаян абун.

**25. Цинги гьел кIиязулго цояй ячIана Муса عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ вугеб бакIалда жий нечон, жинца гьумер бахчун хьвадулей йигеб**

فَجَآءَتۡهُ إِحۡدَىٰهُمَا تَمۡشِي عَلَى ٱسۡتِحۡيَآءٖ قَالَتۡ إِنَّ أَبِي يَدۡعُوكَ لِيَجۡزِيَكَ أَجۡرَ مَا

سَقَيۡتَ لَنَاۚ فَلَمَّا جَآءَهُۥ وَقَصَّ عَلَيۡهِ ٱلۡقَصَصَ قَالَ لَا تَخَفۡۖ نَجَوۡتَ مِنَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ٢٥

**хIалалъ ва гьелъ Мусаде абуна: «Дир инсуца мун рукъов ахIулев вуго, дуца нижее гIиял гьекъезе кумек гьабиялъул ажро гьабизе»-абун.**

**Муса ШугIайбихъе вачIараб мехалъ ва гьесда жиндир къисаги бицараб мехалъ, ШугIайбица عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Гьанже мун хIинкъуге! Мун хвасарлъана гьеб квешаб къавмалъул зулмуялдаса»-абун.** ШугIайб авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вугеб Мадяналъул ракь пиргIавнил ханлъиялда гъокь букIинчIо ва гьенив вугебгIан мехалъ Мусае عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хIинкъиги букIинчIо.

قَالَتۡ إِحۡدَىٰهُمَا يَٰٓأَبَتِ ٱسۡتَـٔۡجِرۡهُۖ إِنَّ خَيۡرَ مَنِ ٱسۡتَـٔۡجَرۡتَ ٱلۡقَوِيُّ ٱلۡأَمِينُ ٢٦

**26. Гьей кIияйго ясазул цоялъ инсуда абуна: «Я дир эмен! Дуца гьав чи жиндие мухьги кьун нилъеда аск1ов хIалтIизе те. ХIакълъунго жив мухь кьун хIалтIизе толев чи къуватав ва аманат бугев вугони лъикI букIуна»-абун.** Гьав чи жиндир къуват бугев ва жинда божизе бегьулев, хиянат гьечIев чиги вуго.

ШугIайб аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ясалда гьикъана дуда кин лъалеб гьев къуватав вукIин ва жинда божилъи гьабизе бегьулев вукIин абун. Ясалъ абуна: «Нижее гIиял гьекъезе кумек гьабулеб мехалъ гьес гъуялда тIад лъун букIараб анц1го чиясда жиб борхизе кIолареб гамачI цохIо жинцаго борхана. Дун гьесухъе араб мехалъ гьев рукъов ахIизе, гьев гIодов къулун чIана ва дида бадив валагьичIо. Нухда рачIунеб мехальги гьес дун жинда хадуй чIезаюна, цеехун йиччан дида нахъаса валагьичIого»-абун. Цинги ШугIайб аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ракIалда ккана гьев чиясулгун гIагарлъи хурхизабун лъикIин абун.

قَالَ إِنِّيٓ أُرِيدُ أَنۡ أُنكِحَكَ إِحۡدَى ٱبۡنَتَيَّ هَٰتَيۡنِ عَلَىٰٓ أَن تَأۡجُرَنِي ثَمَٰنِيَ حِجَجٖۖ فَإِنۡ أَتۡمَمۡتَ عَشۡرٗا فَمِنۡ عِندِكَۖ وَمَآ أُرِيدُ أَنۡ أَشُقَّ عَلَيۡكَۚ سَتَجِدُنِيٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ٢٧

**27. ШугIайбица Мусада абуна: Х1акълъунго дие бокьун буго гьей кIияйго ясалъул цояй дуе чIужулъун кьезе дуца микьго соналъ гIиял хьихьи тIаде босани. АнцIго соналъ мун гIиял хьихьун чIани, гьеб дур рахъалъан бугеб лъикIлъи букIина. Дие бокьун гьечIо дуе захIмалъи гьабизе** анцIго соналъ гIиязул тIалаб гьабе абун.

**Мун нижеда аскIов чIани, иншаАллагь, дуда дун лъикIав чилъун ватизе вуго»-абун.** Дун къотIи тIубазе гьабулевлъун ватила дуда, дургун хIал рекъезабулев, тIабигIат тамахав чилъунги ватила.

КъуртIуби абулев гIалимас абуна: гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго инсуца жиндир яс яче абун лъикIав чиясда аби суннатаб букIиналда. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас жиндир яс ХIапсат ячеян ГIусман асхIабасда ва Абубакар асхIабасда абун букIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда цо чIужуялъги абуна жий ячеян абун.

**28. Мусаца** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ШугIайбил** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **рагIи къабул гьабуна ва гьес абуна: гьаб къотIи дудаги дидаги гьоркьоб тIубараблъун буго.**

قَالَ ذَٰلِكَ بَيْنِي وَبَيْنَكَ أَيَّمَا ٱلْأَجَلَيْنِ قَضَيْتُ فَلَا عُدْوَٰنَ عَلَيَّ وَٱللَّهُ عَلَىٰ مَا نَقُولُ وَكِيلٌ ﴿٢٨﴾

**Дица микьго соналъ яги анцIго соналъ дуе хъулухъ гьабунин абун дида гIайиб букIизе гьечIо.** Дица дие берцин бихьараб заман бала дуда аскIоб. **Гьаб нилъер къотIиялъе нугIлъун ТIадегIанав Аллагь вуго»-абун.**

**29. Мусаца** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **къотIи гьабураб заманги тIубазабун, хъизанги бачун гьев Мисриялдехун вачIунеб мехалъ, гьесда рикIкIадасанго цо цIа бихьана. Гьеб букIана ТIурсайнаъ мегIер бугеб рахъ.**

۞ فَلَمَّا قَضَىٰ مُوسَى ٱلْأَجَلَ وَسَارَ بِأَهْلِهِۦٓ ءَانَسَ مِن جَانِبِ ٱلطُّورِ نَارًا قَالَ لِأَهْلِهِ ٱمْكُثُوٓا۟ إِنِّيٓ ءَانَسْتُ نَارًا لَّعَلِّيٓ ءَاتِيكُم مِّنْهَا بِخَبَرٍ أَوْ جَذْوَةٍ مِّنَ ٱلنَّارِ لَعَلَّكُمْ تَصْطَلُونَ ﴿٢٩﴾

**Мусаца хъизаналда абуна: «Нуж гьаб бакIалда чIа. Х1акълъунго Дида цо цIа бихьулеб буго. Дун гьенив ун цо хабар босун вачIила, яги цIадул сунтурги босун вачIила, нужее цIа бакун нуж хинлъизаризе»-абун.** Тафсиралъул гIалимзабаз абуна: цIакъ бецIаб, цIад балеб, гьури пулеб квачараб сордо букIана. Гьезда цебе къотIун букIараб боцIиги билана, нухги къосана. Мусал عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ чIужуги лъимер гьабизе мех щун унтун йикIана. Гьаб зах1матаб хIалалда ругеб мехалъ бихьана Мусада عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ТIурсайнаалъул рахъалда цIа бакараб гIадаб гвангъи.

**30. Муса гьеб бакIалда гIагарлъараб мехалъ** гьеб жо цIа батичIо, кIудияб гъветIалдасан зодобе бахун унеб нур батана. **Гьеб гъветI бугеб бакIалдасан, жиндилъ баракат бугеб ракьалъул кIкIалалъул кваранаб рахъалдасан, Мусада** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **цо гьаракь рагIана: «Я Муса! Х1акълъунго Дун вуго кинабниги гIаламалъул БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**».**

فَلَمَّآ أَتَىٰهَا نُودِىَ مِن شَٰطِئِ ٱلْوَادِ ٱلْأَيْمَنِ فِى ٱلْبُقْعَةِ ٱلْمُبَٰرَكَةِ مِنَ ٱلشَّجَرَةِ أَن يَٰمُوسَىٰٓ إِنِّيٓ أَنَا ٱللَّهُ رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٣٠﴾

**31. Дуца гIанса гIодобе рехе-абун.** Мусаца гIанса гIодобе рехидалго **жинда**

وَأَنْ أَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَلَمَّا رَءَاهَا تَهْتَزُّ كَأَنَّهَا

**гьеб цIакъ кIудияб, лебалаб борохь лъугьун багъарулеб бихьана. Гьелдаса хIинкъун, гьелда аскIов къачIого, Муса мугъбан лъутизе лъугьана.**

جَآنٌّ وَلَّىٰ مُدۡبِرٗا وَلَمۡ يُعَقِّبۡۚ يَٰمُوسَىٰٓ أَقۡبِلۡ وَلَا تَخَفۡۖ إِنَّكَ مِنَ ٱلۡأٓمِنِينَ ۝٣١

**Хадубги Мусадехун абуна: «Я Муса! عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Мун нахъвусса ва хIинкъуге! Х1акълъунго мун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ божилъи гьабурав вуго»-абун.**

**32. Дуца дур квер лъоробе бегье. Гьеб квер къватIибе бахъизе буго жиб гвангъараблъун, дуе щибго унти-заралги гьечIого. Мун хIинкъараб мехалъ дуца квер каранда лъе:** кваранаб квер каранда лъе квегIаб гъежги гьелда тIад лъун, **цинги дудаса хIинкъи инзе буго. Гьеб гIансаги кверги буго дуе кIиго мугIжизат, мун пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе инзе. Х1акълъунго Гьел цIакъ пасикъаб къавм буго.**

ٱسۡلُكۡ يَدَكَ فِي جَيۡبِكَ تَخۡرُجۡ بَيۡضَآءَ مِنۡ غَيۡرِ سُوٓءٖ وَٱضۡمُمۡ إِلَيۡكَ جَنَاحَكَ مِنَ ٱلرَّهۡبِۖ فَذَٰنِكَ بُرۡهَٰنَانِ مِن رَّبِّكَ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ وَمَلَإِيْهِۦٓۚ إِنَّهُمۡ كَانُواْ قَوۡمٗا فَٰسِقِينَ ۝٣٢

ТIадегIанав Аллагьас мун витIулев вуго жиндир рахъалъан расуллъун гьеб къосараб къавм Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавияда ахIизе ва мун ритIухъав Расул вукIиналъе далиллъун ва дуе мугIжизатлъун гьеб гIансаги кверги гьабулеб буго.

**33. Мусаца عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ! Х1акълъунго дица гьев пиргIавнил къавмалъул чи чIван вукIана ва дун хIинкъулев вуго гьез дунги чIвалин абун.**

قَالَ رَبِّ إِنِّي قَتَلۡتُ مِنۡهُمۡ نَفۡسٗا فَأَخَافُ أَن يَقۡتُلُونِ ۝٣٣

**34. Дир вац Гьарун вуго дидасанги мацI бицине пасихIав. Дуца гьев Гьарунги витIе дунгун цадахъ дие кумек гьабизе ва жинца дун ритIухъги гьавизе. Дун хIинкъун вуго пиргIавнил къавмалъ дун гьереси гьавилин абун.**

وَأَخِي هَٰرُونُ هُوَ أَفۡصَحُ مِنِّي لِسَانٗا فَأَرۡسِلۡهُ مَعِيَ رِدۡءٗا يُصَدِّقُنِيٓۖ إِنِّيٓ أَخَافُ أَن يُكَذِّبُونِ ۝٣٤

ТIадегIанав Аллагьасда Мусаца гьарана жиндие вазирлъун ва кумекчилъун жиндир вац Гьарун гьаве абун: гьев кIудиявги вукIун, мацI пасихIавги вукIун, дагIба-къец гьабизе ккараб бакIалда гьесул махшел цIик1кIараб букIинин абун.

35. ТIадегIанав Аллагьас Мусал عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьари къабул гьабун **абуна: Дица дуе**

قَالَ سَنَشُدُّ عَضُدَكَ بِأَخِيكَ وَنَجۡعَلُ

لَكُمَا سُلْطَٰنًا فَلَا يَصِلُونَ إِلَيْكُمَا بِـَٔايَٰتِنَآ
أَنتُمَا وَمَنِ ٱتَّبَعَكُمَا ٱلْغَٰلِبُونَ ﴿٣٥﴾

**квербакъи гьабила дур вац Гьарунидалъун, ва дица нужее гьев пиргIанида тIад бергьунеб къуватги гьабила.**
**Гьезул хIал кIвезе гьечIо нуж кIиясего зарал гьабизе. Дир нужее бугеб квербакъиялдалъун ва баянал хIужжабаздалъун, нуж кIиявгоги, нужеда нахърилълъарал киналго гIадамалги пиргIавнил къавмалдаса бергьизе руго» - абун.**

فَلَمَّا جَآءَهُم مُّوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَا بَيِّنَٰتٍ قَالُوا۟ مَا
هَٰذَآ إِلَّا سِحْرٌ مُّفْتَرًى وَمَا سَمِعْنَا بِهَٰذَا
فِىٓ ءَابَآئِنَا ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٣٦﴾

**36. Дол баянал гIаламаталгун ва мугIжизаталгун пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе Муса вачIараб мехалъ, гьез абуна: «Гьаб жо гьечIо жиб ургъараб гьереси ва сихIро гурони.**
**Нижеда гьадинаб жо бицунеб раг1ич1о нижер умумуз ва нижедаса цере рукIараз»-абун.**

وَقَالَ مُوسَىٰ رَبِّىٓ أَعْلَمُ بِمَن جَآءَ بِٱلْهُدَىٰ
مِنْ عِندِهِۦ وَمَن تَكُونُ لَهُۥ عَٰقِبَةُ ٱلدَّارِ
إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٣٧﴾

**37. Мусаца عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Дир БетIергьан жинда лъик1 лъалев вуго хIакъаб диналдалъун щив витIараблъи ва лъие букIине бугеб лъикIаб ахиратги.**
**Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIел, гьесул аварагзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарурал залимал гIадамазул лъикIлъиялда кверщел батуларо»-абун.**

وَقَالَ فِرْعَوْنُ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمَلَأُ مَا عَلِمْتُ
لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرِى فَأَوْقِدْ لِى يَٰهَٰمَٰنُ
عَلَى ٱلطِّينِ فَٱجْعَل لِّى صَرْحًا لَّعَلِّىٓ أَطَّلِعُ
إِلَىٰٓ إِلَٰهِ مُوسَىٰ وَإِنِّى لَأَظُنُّهُۥ مِنَ
ٱلْكَٰذِبِينَ ﴿٣٨﴾

**38. ПиргIавница абуна: «Я гьаб жамагIат! Дида лъаларо нужее дун гурев цоги аллагь вукIин. Дуца хIаргщуда цIа бакун, бежараб хIаргщалъул кIудияб ва борхатаб си гьабе я Гьаман! Гьелда тIадеги вахун дун валагьизе вуго кивдай вугев гьав Мусал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ абун. Дида гьев Муса жидеца гьерсал рицунел гIадамаздаса вугин кколеб буго»-абун.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тушман пиргIавница гьадигIанго чIухIараб рагIи бицана, жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIинги лъалеб букIадго. Цоги бакIалда гьав пиргIавница абуна: «Дун вуго нужер бищунго тIадегIанав бетIергьан»-абун.
ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَٱسْتَكْبَرَ هُوَ وَجُنُودُهُۥ فِى ٱلْأَرْضِ
بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ وَظَنُّوٓا۟ أَنَّهُمْ إِلَيْنَا لَا يُرْجَعُونَ ﴿٣٩﴾

**39. Гьев пиргIавнги гьесул боялги ракьалда тIад цIакъ чIухIун ва гIамал кIодолъун, батIулаб нухда хьвадана,**

**гьедин хьвадизе щибго гIиллаги гьечIого.**

**Гьезда ракIалдаги кколеб букIана жал хун хадур диде руссизе гьечIин абун** ва жидее гIазабги гьабизе гьечIин абун.

فَأَخَذْنَٰهُ وَجُنُودَهُۥ فَنَبَذْنَٰهُمْ فِى ٱلْيَمِّ ۖ فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٤٠﴾

**40. Дица гьев пиргIавнги гьесул боялги дир гIазабалдалъун ккуна ва гьел ралъдалъ гъанкъизаруна. Мун валагьеха, я гьав инсан, ва дуца пикру гьабе, киндай ккана гьеб залимаб ва зулмуяб къавмалъул ахир абун.**

Гьеб ралъад буго Мисриялдаги ХIижаз гIарабияздаги гьоркьоб бугеб багIараб ралъад. Гьелда цогиги цIар абула «бахIрул къулзум»-абун.

وَجَعَلْنَٰهُمْ أَئِمَّةً يَدْعُونَ إِلَى ٱلنَّارِ ۖ وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ لَا يُنصَرُونَ ﴿٤١﴾

**41. Дица гьел гьаруна жидеца жужахIалда гIадамал ахIулел имамзабилъун. Къиямасеб къоялъ гьел капурал гIадамазе кинабгIаги квербакъи букIуларо.**

وَأَتْبَعْنَٰهُمْ فِى هَٰذِهِ ٱلدُّنْيَا لَعْنَةً ۖ وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ هُم مِّنَ ٱلْمَقْبُوحِينَ ﴿٤٢﴾

**42. Дица гьезие гьаб дунялалдаго нагIана кьуна.** Дир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна.

**Къиямасеб къоялъги гьел рукIизе руго жал къабихI гьарураздаса.** дир алжаналдаса рикIкIад гьарурал, жидее лъикIлъи гьечIел.

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ مِنۢ بَعْدِ مَآ أَهْلَكْنَا ٱلْقُرُونَ ٱلْأُولَىٰ بَصَآئِرَ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَرَحْمَةً لَّعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٤٣﴾

**43. ХIакълъунго жинда церехун рукIарал умматал гьалаг гьарун хадуб кьуна Дица Мусахье** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Таврат, гьесул уммат хIакъаб нухда тIоритIулеб, жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб нурлъун жиб бугеб.**

**Гьезие рахIматлъун ва битIараб нухлъунги жиб бугеб. Гьел бануисраилаз Тавраталдаса вагIза босизе бокьун** ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесул расул ритIухъ гьавун гьел хьвадизе бокьун.

وَمَا كُنتَ بِجَانِبِ ٱلْغَرْبِىِّ إِذْ قَضَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَى ٱلْأَمْرَ وَمَا كُنتَ مِنَ ٱلشَّٰهِدِينَ ﴿٤٤﴾

**44. Мун вукIинчIо МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, **ТIур мегIералъул бакътIерхьул рахъалда:** Гьеб буго Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIалъараб бакI.

**Дица Мусаде** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **дир амру вахIю гьабураб мехалъ ва гьев**

**расуллъун гьавун пиргIавнил къавмалда витIулеб мехалъ. Ва мун гьеб бакIалда гIенеккун ва нугIлъунги вукIинчIо.**
ТIадегIанав Аллагьас Мух1аммад ﷺ хIакъав авараг вукIиналда инкар гьабулел гIадамал мукIур гьаризе абулеб рагIи буго гьаб аят. Ягьудиязда гьереси гьабизе кIолареб Муса аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Таврат рештIизабиялъул хабар ва гьесул пиргIавнилгун ккараб къиса бицунеб буго, жив гьел ягьудияздаса рикIкIадаб бакIалда гIурав, жинда хъвазе ва цIализе лъаларев гIарабиязул чияс.
Аяталъул магIнаги буго: мун гьеб заманаялъ гьеб бакIалда вукIун лъалеб гьечIо дуда Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хабар. Гьеб дуда лъалеб буго ТIадегIанав Аллагьас вахIю гьабун лъазабиялдалъун.

**45. Киниги Дица гьев Муса аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хадубги гIемерал умматал рижана; гьезги гIемераб гIумру бана ва жидеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIочон дунял гьабиялда руссана.**

وَلَٰكِنَّآ أَنشَأۡنَا قُرُونٗا فَتَطَاوَلَ عَلَيۡهِمُ ٱلۡعُمُرُۚ وَمَا كُنتَ ثَاوِيٗا فِيٓ أَهۡلِ مَدۡيَنَ تَتۡلُواْ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتِنَا وَلَٰكِنَّا كُنَّا مُرۡسِلِينَ ٤٥

Гьединал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналдаса руссарал гIадамазда витIана дица мун расуллъун я МухIаммад ﷺ. **Мун Мадяналдаги вукIинчIо МухIаммад,** дуда Муса ва ШугIайб аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къиса лъазе **ва гьезул хабар бицарал дир аятал Маккаялъул агьлуялъе дуца ц1ализе.**
**Киниги дун вуго дица аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIулев** ва гьезда вахIю гьабун дир шаригIат бицулев. Гьедин мунги витIана МухIаммад ﷺ, Маккаялъул агьлуялда авараглъун ва дуда вахIю гьабуна дур умматалъе исламияб дин ва дуда цере рукIарал аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къисаби. Гьедин лъана дуда Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва Шуг1айб аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къисаги.

**46. Мун ТIур мегIералъул хьибилалдаги вукIинчIо МухIаммад ﷺ, Дица Муса аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ калам гьабулеб мехалъ. Дица дуда гьаб кинабго жо вахIю гьабуна дур умматалъе рахIматлъун букIизе.**

وَمَا كُنتَ بِجَانِبِ ٱلطُّورِ إِذۡ نَادَيۡنَا وَلَٰكِن رَّحۡمَةٗ مِّن رَّبِّكَ لِتُنذِرَ قَوۡمٗا مَّآ أَتَىٰهُم مِّن نَّذِيرٖ مِّن قَبۡلِكَ لَعَلَّهُمۡ يَتَذَكَّرُونَ ٤٦

**Дуца гьезие цересел умматазул къисаби рицун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва жидехъе дудаса цеве авараг вачIун вукIинчIел гIарабиязда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин лъазабизе.** Гьел гIарабияз ва цогидал къавмаз дур рисалат къабул гьабун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда хьул лъун ва **дуда рештIизабураб Къуръаналъул**

**вагIза босизе бокьун.**

وَلَوۡلَآ أَن تُصِيبَهُم مُّصِيبَةُۢ بِمَا قَدَّمَتۡ أَيۡدِيهِمۡ فَيَقُولُواْ رَبَّنَا لَوۡلَآ أَرۡسَلۡتَ إِلَيۡنَا رَسُولٗا فَنَتَّبِعَ ءَايَٰتِكَ وَنَكُونَ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٤٧﴾

**47. Дица гьел умматазда аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIана, жидер купру-ширк сабаблъун гьезда дир гIазаб щвараб мехалъ, гьез абичIого букIизе: « Я нижер Бет1ергьан, нижеда аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIун рукIаралани ва нижеда хIакъаб динги лъазабун букIарабани.**

**Ниж дур расулазда нахърилълъизе рукIана ва дур аятазда иман лъуралги рукIинаг1ан»-абун.**

Дида лъала гьез иман лъолареблъи ва гьез хIакъаб дин къабул гьабулареблъи. Дица аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIана г1адамазул хIужжа къотIизабизе ва гьезие щибго гIузру бачизе рес гьечIого букIизе.

فَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلۡحَقُّ مِنۡ عِندِنَا قَالُواْ لَوۡلَآ أُوتِيَ مِثۡلَ مَآ أُوتِيَ مُوسَىٰٓۚ أَوَلَمۡ يَكۡفُرُواْ بِمَآ أُوتِيَ مُوسَىٰ مِن قَبۡلُۖ قَالُواْ سِحۡرَانِ تَظَٰهَرَا وَقَالُوٓاْ إِنَّا بِكُلّٖ كَٰفِرُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Маккаялъул агьлоялда хIакъаб жо бачIараб мехалъ:** жиндир ритIухълъи лъалев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вачIараб мехалъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам Къуръанги босун ва цогиги мугIжизаталги рачун, жив хIакъав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вукIиналда тIоритIел гьабулел.

**Маккаялъул мушриказ абуна: «Гьев МухIаммадие صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Муса аварагасе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кьуралгIадал кIудиял мугIжизатал кьун рукIаралани жив авараг вукIиналда тIоритIел гьабулел»-абун.** Гьезие жаваб гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьев Муса аварагасе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кьурал мугIжизатаздаги, гьесда рештIизабураб Тавраталдаги инкар ккуна гурищ ягьудиязги, Къурайшиязги ва цогидал къавмазги.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг гьереси гьави гьесда цере рукIарал киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьари букIула: гьел киналго аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьезухъе рештIизабураб шаригIатги, гьезие кьурал мугIжизаталги цохIо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру бугелъул.

**Жегиги Маккаялъул мушрикаца абуна: «Гьеб Тавратги Къуръанги кIиябго сихIро ва гьереси буго, цоялъ цоялъе кумек гьабун, цоялъ цояб ритIухъ гьабун кIалъалеб. Х1акълъунго нижеца гьеб кIиялдаго инкар кколеб буго»-абун.** Гьаб буго Маккаялъул мушриказул къосиналъул ва Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ аварагасдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ

бугеб тушманлъиялъул гIорхъолъан иналъе гIаламат.

قُلْ فَأْتُوا۟ بِكِتَـٰبٍ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ هُوَ أَهْدَىٰ مِنْهُمَآ أَتَّبِعْهُ إِن كُنتُمْ صَـٰدِقِينَ ﴿٤٩﴾

**49. Дуца гьезда абе МуIаммад ﷺ: «Нуж рачIаха Аллагьасул ﷻ рахъалъан гьеб Твраталдаса ва Къуръаналдаса жиб лъикIаб, жинца хIакъаб диналда тIоритIулеб тIехьги босун. Дун гьеб тIехьалда нахъвилълъине вуго, нуж битIараб жо бицунел гIадамал ратани»-абун.**

Нилъеда якъинго лъала ТIадегIанав Аллагьас ритIарал аварагзабазул عليهم السلام бищунго хирияв МухIаммад авараг ﷺ вукIин, гьесда рещтIизабураб Къуръанги бищунго хирияб, жиб камилаб, жиндир шаригIат къиямасебкъо бачIизегIан хисулареб тIехь букIин. Муса авараг عليه السلام ва гьесда рештIизабураб Тавратги хирияб буго гьаб Къуръаналда хадуб ва гьеб Къуръан жинда рештIизабурав МухIаммад аварагасда ﷺ хадув. ГIиса авараг عليه السلام ва гьесда рештIизабураб Инжил букIана Муса аварагасул عليه السلام шаргIалда рукIарал цо-цо хIукмаби хисизарун, Таврат жинца камил гьабулеб, гьеб тIубазабулеб тIехьалда релълъун.

Гьаб хIакъикъат гьадин бугелъул, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Маккаялъул мушриказда абулеб буго: гьал тIахьазда нужеца иман лъолеб батичIони нуж рачIаха Аллагьас ﷻ рештIизабураб гьеб кIиялдасаго жегиги камилаб тIехьги босун абун. Гьел абадиялъ рачIуларо гьеб тIехь босун, гьел руго жидер хIалхьублъун, гIамалкIодолъун, хIакъаб жоялда нахърилълъинчIого чIарал гIадамал. Гьезул хIал лъалеб букIун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

فَإِن لَّمْ يَسْتَجِيبُوا۟ لَكَ فَٱعْلَمْ أَنَّمَا يَتَّبِعُونَ أَهْوَآءَهُمْ ۚ وَمَنْ أَضَلُّ مِمَّنِ ٱتَّبَعَ هَوَىٰهُ بِغَيْرِ هُدًى مِّنَ ٱللَّهِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلظَّـٰلِمِينَ ﴿٥٠﴾

**50. Гьез дур ахIиялъе жаваб гьабичIони, МухIаммад ﷺ, дуда лъай х1акълъунго гьел рук1ин жидерго гьаванапсалда нахърилълъарал гIадамал. Щивха вукIинев жиндир къосин баянав чи Аллагьасул ﷻ рахъалъан хIакъаб хIужа-далилго гьечIого, напсалъе бокьараб жоялда мутIигIлъун вугев чиясдаса? ТIадегIанав Аллагьас хIакъаб диналда тIоритIуларо жидеца купру-ширк тIаса бищараб залимаб къавм.**

۞ وَلَقَدْ وَصَّلْنَا لَهُمُ ٱلْقَوْلَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٥١﴾

**51. Х1акълъунго Дица Маккаялъул Къурайшиязе дир хирияб калам цоялда хадуб цогидаб гьабун, хIажалъи бихьухъе рещтIизабуна:**

**Гьез вагIза босизе бокьун ва гьез купру-ширк тун хIакъаб дин гьабизе бокьун.**

Гьаб Къуръаналда жаниб гьезие Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда тIоритIел гьабулел баянал хIужжаби руго, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламаталги руго. Алжаналдалъун рохел бицинги жужахIалдалъун хIинкъи кьейги буго. ГIемераб вагIза-насихIатги буго, къисабиги руго, гьез гIибрат босизе ва гьезда хIакъаб жо бич1чIизе. ШаргIиял ахIкамалги руго, хIалалаб, хIарамаб жоги баян гьабун буго.

ٱلَّذِينَ ءَاتَيۡنَٰهُمُ ٱلۡكِتَٰبَ مِن قَبۡلِهِۦ هُم بِهِۦ يُؤۡمِنُونَ ٥٢

**52. Къуръан рештIизабилелде цебе жидехъе тIехь рештIизабурал умматазул** МухIаммадавар агасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ иман лъурал гIадамаз **гьаб Къуръаналдаги иман лъолеб буго.**

وَإِذَا يُتۡلَىٰ عَلَيۡهِمۡ قَالُوٓاْ ءَامَنَّا بِهِۦٓ إِنَّهُ ٱلۡحَقُّ مِن رَّبِّنَآ إِنَّا كُنَّا مِن قَبۡلِهِۦ مُسۡلِمِينَ ٥٣

**53. Жидее Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьез абулеб буго: «Нижеца гьелда иман лъуна. Гьеб нижер БетIергьанасул рахъалъан бугеб хIакъаб тIехь буго. Х1акълъунго ниж гьаб Къуръан рештIизабилелде цереги Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъурал, гьесул аварагзабазда** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ва тIахьазда мутIигIлъарал рукIана»-абун.**

Нижеца иман лъолеб букIана гьав МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ витIизе вукIиналда ва гьесда т1ехь рештIизабизе букIиналдаги. Гьеб жо нижеда рештIизабураб тIехьалда хъван букIана. Нижее гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру ритIухълъана ва хIакълъана.

أُوْلَٰٓئِكَ يُؤۡتَوۡنَ أَجۡرَهُم مَّرَّتَيۡنِ بِمَا صَبَرُواْ وَيَدۡرَءُونَ بِٱلۡحَسَنَةِ ٱلسَّيِّئَةَ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٥٤

**54. Гьал гIадамал руго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **кIиго нухалъ цIикIизабун жидее ажру-кири кьолел. Гьез сабру гьабун букIин сабаблъун** жидеда рештIизабураб тIехьалда иман лъун гьелда гIамал гьабиялда, хадуб МухIаммад аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ иман лъун Къуръаналда гIамал гьабиялдаги. **Жидеца квешаб, къабихIаб рагIиялда дандеги лъикIаб рагIи бицун, гьеб квешаб рагIиялъул зарал нахъе чIвалел. Дица кьурал нигIматаздаса садакъа-хайрат, закат-сахI кьолел ва Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе гIоло жигьад гьабизеги жидер боцIи-мал кьолел.**

وَإِذَا سَمِعُواْ ٱللَّغۡوَ أَعۡرَضُواْ عَنۡهُ وَقَالُواْ لَنَآ أَعۡمَٰلُنَا وَلَكُمۡ أَعۡمَٰلُكُمۡ سَلَٰمٌ عَلَيۡكُمۡ

**55. Жидеда гIададисеб ва мунпагIат гьечIеб хабар бицулеб рагIараб мехалъ, гьеб мажлисалдаса нахъе унел ва жидеца**

لَا نَبۡتَغِي ٱلۡجَٰهِلِينَ ﴿٥٥﴾

**гьел гъапулал, жагьилал гӀадамаздаги абулел:**
**нужеца гьабураб гӀамалалъул жазаъ нужее букӀизе буго, нижеца гьабураб гӀамалалъул жазаъ нижее букӀизе буго. Нужее нижедаса зарал гьечӀо,** нижеца нуж тана нужерго ишалда. **Нижеца жагьилал гӀадамазулгун гьалмагълъи гьабуларо»-абун.**

ТӀадегӀанав Аллагьас китабияздаса иман лъурал гӀадамазе лъабго лъикӀаб ва берцинаб сипат гьабуна: гьел муъминзаби рукӀин, гьел жидеца лъикӀлъи гьабулел рукӀин, гьел гӀадамаздаса тӀаса лъугьулел рукӀин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хӀадисалда буго: *«Лъабго чи вуго Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *жиндие кӀиго нухалъ цӀик1кӀун ажро кьолев. Китабиязул чи вуго, жиндир аварагасда иман лъун вукӀарав, хадуб дидаги иман лъурав. Жив лагълъун вугев чиги вуго, жинца Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *хӀакъ тӀубарав ва жиндир сайидасул хӀакъги тӀубарав. Жиндир гъарабаш йигев чиги вуго: гьелъие берцинаб тарбия кьурав ва гьей тархъун хӀурияйлъун гьаюн хадуб расасеги кьурав»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Цоги хӀадисалда буго: *«Китабияб агьлуялдаса исламияб дин босарав чиясе кӀиго ажро буго. Гьесие нилъее бугеб хӀукму буго* (ай гьев нилъеда ващад вуго) *гьесда тӀадги нилъеда тӀад бугеб жо буго. Мушриказул цо чияс исламияб дин босараб мехалъ гьесие жиндир ажро буго ва гьесие нилъее бугеб хӀукму буго, гьесда тӀадги нилъеда тӀад бугеб жо буго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

إِنَّكَ لَا تَهۡدِي مَنۡ أَحۡبَبۡتَ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَهۡدِي مَن يَشَآءُۚ وَهُوَ أَعۡلَمُ بِٱلۡمُهۡتَدِينَ ﴿٥٦﴾

**56. Х1акълъунго дуда кӀоларо МухӀаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **дуе вокьарав чи иманалда тӀовитӀизе. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие вокьарав чи тӀовитӀула иманалда ва хӀакъаб диналда.**
**Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда лъик1 лъалев вуго иман лъолел ва хӀакъаб диналда рачӀулел щал ругеблъи.**

Тафсиралъул гӀалимзабаца абуна:

Гьаб аят рештӀизабиялъе сабаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, жиндир инсул вац АбутӀалиб хвалда гӀагарлъараб мехалъ, *гьесда абуна: «Я дир инсул вац! Дуца «лаилагьа иллаллагь» абун абе. Дица къиямасеб къоялъ нугӀлъи гьабизе буго дуца Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьавуна абун. АбутӀалибица абуна: «Къурайшиязул ханзабаз абизе букӀинчӀебани хвалил унтиялъул гучалъ АбутӀалиб загӀип гьавунин ва гьев шагьадат битӀизе тӀаманин абун, дица гьеб шагьадатги битӀун*

*дур ракI рази гьабизе букIана ва дур бер бохизабизе букIана»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица ва Тирмизияс бицана. Хирияв аварагасе ﷺ цIакъ бокьун букIана жиндие гIемер квер бакъи гьабурав АбутIалиб исламияб диналда вачIин. Гьаб иш бицана ТIадегIанав Аллагьас гьениб цебе хъвараб аяталда жаниб.

وَقَالُوٓاْ إِن نَّتَّبِعِ ٱلۡهُدَىٰ مَعَكَ نُتَخَطَّفۡ مِنۡ أَرۡضِنَآۚ أَوَلَمۡ نُمَكِّن لَّهُمۡ حَرَمًا ءَامِنٗا يُجۡبَىٰٓ إِلَيۡهِ ثَمَرَٰتُ كُلِّ شَيۡءٖ رِّزۡقٗا مِّن لَّدُنَّا وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ﴿٥٧﴾

**57. Маккаялъул Къурайшаз абуна: «Ниж дуда нахърилълъани ва дуца жинда ахIулеб дин босани, ниж хIинкъун руго Маккаялда сверухъ ругел гIарабияз нижеда рагъ гьабилин ва ниж гьаб Маккаялдаса къватIире къотIилин»-абун.**

Гьезул рагIи хвезе гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «**Дица гьезие МаккахIарам гьабун буго гурищ жал щибго хIинкъиго гьечIого гьенир рукIунеблъун ва жидее кинабго бак1алдаса батIи-батIияб пихъги ва тIагIамги дир рахъалъан бугеб ризкъилъун бачIунеблъун. Киниги гьел гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго.**

ТIадегIанав Аллагьас Маккаялъул мушриказда бадиб чIвай гьабун абулеб буго: Дида инкар ккурал, Дунги живго тун хъанчазе лагълъи гьабулеллъун ругел нужее Дица божилъи гьабун буго цогидал гIарабиязе гьечIеб, нужее кинабго рахъалъан ризкъиги тIаде бачIунеб буго. Нужер ахIмакълъиго щиб ва нужеца пикру кин гьабулареб, Дида иманги лъун, Дир аварагги ритIухъ гьавун нуж хьвадараб мехалъ-кигIандай Дица нужее лъикIлъи цIик1кIизабила абун!

وَكَمۡ أَهۡلَكۡنَا مِن قَرۡيَةِۭ بَطِرَتۡ مَعِيشَتَهَاۖ فَتِلۡكَ مَسَٰكِنُهُمۡ لَمۡ تُسۡكَن مِّنۢ بَعۡدِهِمۡ إِلَّا قَلِيلٗاۖ وَكُنَّا نَحۡنُ ٱلۡوَٰرِثِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Дица цIакъ гIемерал росабазул ва шагьаразул агьлу гьалаг гьабуна гьел жидее кьураб магIишат-яшавалдалъун чIухIараб мехалъ ва гьеб магIишат дица кьураб букIиналда инкар ккун, гьелда щукру гьабичIого хьвадараб мехалъ.**

**Гьал нужеда сапаралда унаго ратулел чIунтарал росаби руго гьел жанир чIун рукIарал росаби. Гьанже гьенив щивго чи чIоларо дагьалго гурого,** сапаралда вугев чи сордо базе чIун гурони. **Дун вуго дица кинабго жо ирсалъе босулевлъун.**

Дида иман лъезе чIухIарал, аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарурал, Дир ракьалда тIад Дир лагъзадерие зулму ва пасалъи гьабун хьвадарал гIадамал Дица гьалаг гьарула ва гьезул кинабго магIишатги, гIарац-меседги нахъе хутIула. Гьадинабго жо гьабизе кIола Дида Маккаялъул

агьлуялъеги гьез иман лъечIони ва Дир расул ритIухъ гьавичIони.

**59. Дур БетIергьан Аллагь гьечIо МухIаммад ﷺ, жинца цониги росдал агьлу гьалаг гьабулевлъун, цин гьезухье расулги витIун гьел хIакъаб диналда ахIун гурони.**

وَمَا كَانَ رَبُّكَ مُهْلِكَ ٱلْقُرَىٰ حَتَّىٰ يَبْعَثَ فِىٓ أُمِّهَا رَسُولًا يَتْلُوا۟ عَلَيْهِمْ ءَايَـٰتِنَا ۚ وَمَا كُنَّا مُهْلِكِى ٱلْقُرَىٰٓ إِلَّا وَأَهْلُهَا ظَـٰلِمُونَ ﴿٥٩﴾

Гьезул бищун кIудияб росолъ расул витIула гьел киналго диналда ахIизе ва гьезухье рисалат щвезабизе. **Гьезие дир аятал цIалулев ва дун жидер хIакъав БетIергьан вукIин бицулев. Дица цониги росдал агьлу гьалаг гьабичIо гьеб росдал агьлуялъ зулму-пасалъи гьабун гурони.**

ТIадегIанав Аллагьасда жиндир лагъзадерил хIал лъалеб бугониги, гьесул гIадат буго гьеб къавмалда расул витIун гьезул хIужжа-далил къотIизабулеб, нижеда лъачIо, ниж гъапулал рукIана, нижехъе чапар вачIинчIо абурал гIузраби рачиналдасан. Гьедин расул витIун хадуги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб къавм гьалаг гьабуларо гьез купру-ширк гьабигун цадахъ зулму ва пасалъи гьабураб мехалъ гурони.

Киналго диналги насхо гьарун, кинабниги халкъалда авараглъун витIарав вуго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг. Гьев витIун хадуб гIадамазул цониги къокъаялъе ихтияр букIуларо жидехъе расул витIичIин ва жал диналда ахIичIин абизе.

Дунялалда тIад исламияб диналъул хабар щвечIеб бакI букIин цIакъго надираб жо буго. Гьедин хабар щвечIого гIумру гьабурал ва гьединго хварал гIадамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабуларо. Машгьураб жо буго кинавниги инсанасул рес лъугьун букIин жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе. Гьесие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIелму ва гIакъло кьун буго, гьесда цебе кинабго дунялги, гьенир ругел диналги загьирлъун руго. Гьел диназда гьоркьоса хIакъаб исламияб дин босичIев чиясе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабизе букIинги хIакъаб жо буго. Ахираталда гьесие гIузру букIизе гьечIо дида лъачIо, бихьичIо, рагIичIо абураб рагIиялдалъун.

**60. Нужее кьураб дунялалъул щиб жо бугониги:** ханлъи букIа, бечелъи букIа, къуват-гьунар букIа, къимат-къадро букIа, **гьеб кинабго жо буго дунялалъул рукъоб бугеб берцинлъи ва гьениб бугеб мунпагIат босиги.**

وَمَآ أُوتِيتُم مِّن شَىْءٍ فَمَتَـٰعُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَزِينَتُهَا ۚ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰٓ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٦٠﴾

Гьеб паналъулеб, даимлъулареб буго. Жибги кодоса ун рекIел бакъвай щолебги буго.

**ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб ахираталда бугеб ажро ва гьесул**

**алжан цIакъ лъикIаб жо буго ва жиб даимго нахъе хутIулебги буго. Гьаб иш кин бичIулареб нужеда** ва жиб паналъулеб дунял тIалаб гьабиги тун, даимго букIунеб ахират кин тIалаб гьабулареб?

أَفَمَن وَعَدْنَٰهُ وَعْدًا حَسَنًا فَهُوَ لَٰقِيهِ كَمَن مَّتَّعْنَٰهُ مَتَٰعَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ثُمَّ هُوَ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ مِنَ ٱلْمُحْضَرِينَ ﴿٦١﴾

**61. Дица жиндие цIакъ берцинаб къотIи гьабурав ва гьеб къотIи тIубазабун гьелда данд чIвазе вугев,** дидаса хIинкъун, дун цо гьавун, жинца тIагIат-гIибадат гьабун хьвадарав муъминчийищ вугев лъикIав, **яги жиндие дунялалъул чIаголъи кьурав, гьелдалъун вохун вукIарав, ахираталда дида цеве жиндие гIазаб гьабулевлъун чIезавулев капурчийищ вугев лъикIав? Гьав кIиго чи цо-цазда релъун вугищ?** ЦIакъ кIудияб батIалъи буго гьазда гьоркьоб! Жидер гIакъло бугел гIадамаз гьалъул пикру кин гьабулареб ва гьалдаса гIибрат (гIакъло) щай босулареб?

وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَآءِىَ ٱلَّذِينَ كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٦٢﴾

**62. Мушриказде ахIулеб къо буго гьеб къиямасеб къо ва Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан гьезда абулеб:**
**Кире арал дол дидехун ширк гьабун нужеца жидее лагълъи гьабурал алагьзаби? Нужеца абулеб букIана гурищ гьез нужее кумек гьабизе бугин абун.** Гьел нужер вализаби ругин ва нужее квербакъи гьабулел ругин абун! Дида гьел нужгун цадахъ рихьулел гьечIо гурищ?

قَالَ ٱلَّذِينَ حَقَّ عَلَيْهِمُ ٱلْقَوْلُ رَبَّنَا هَٰٓؤُلَآءِ ٱلَّذِينَ أَغْوَيْنَآ أَغْوَيْنَٰهُمْ كَمَا غَوَيْنَا ۖ تَبَرَّأْنَآ إِلَيْكَ ۖ مَا كَانُوٓا۟ إِيَّانَا يَعْبُدُونَ ﴿٦٣﴾

**63. Г1адамал къосизарияллдалъун жидее гIазаб хIакълъарал, купру-ширкалъул церехъабилъун ругез абула: «Я нижер БетIергьан! гьал гIадамал руго** гьел нижеда нахърилълъун, **нижеца къосизарурал.**
Нижеца гьезие щибго зулму-хIал гьабичIо. **Ниж къосарал рукIиналъ, нижеда релълъун гьелги къосараллъун лъугьана. Гьез нижее лагълъи гьабунин абураб рагIиялдаса ниж рацIцIадал руго.** Гьез лагълъи гьабуна жидерго гьава-напсалъе бокьараб жоялъе, **гьел нижее лагълъи гьабулел рукIинчIо»-абун.**

وَقِيلَ ٱدْعُوا۟ شُرَكَآءَكُمْ فَدَعَوْهُمْ فَلَمْ يَسْتَجِيبُوا۟ لَهُمْ وَرَأَوُا۟ ٱلْعَذَابَ ۚ لَوْ أَنَّهُمْ كَانُوا۟ يَهْتَدُونَ ﴿٦٤﴾

**64. Цинги жидеца лагълъи гьабурал мушриказда абула: «Нужеца ахIи бай нужеца алагьзабилъун ккун рукIарал жалазда»-абун. Гьез ахIи бала жидер алагьзабазда, амма доз щибго жаваб гьабуларо.**

**Гьезда жидее хIадурун бугеб жужахIалъул гIазаб бихьула ва гьел цIакъ пашманлъун лъугьула. Гьезда ракIалдаги ккола дунялалъул рукъор битIараб диналда тIоритIараздаса рукIарал анищ ниж абун.** Гьеб къоялъ жал пашманлъана абун гьезие щибго мунпагIат букIуларо. Гьеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лагъзадерица дунялалда гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие гьабулеб къо.

وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ مَاذَآ أَجَبْتُمُ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٦٥﴾

**65. Гьеб къоялъ мушриказда бадиб чIвай гьабун абула: нужехъе аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рачIун рукIана гурищ, нужеца щиб жаваб кьураб гьезул ахIиялъе?-абун.**

فَعَمِيَتْ عَلَيْهِمُ ٱلْأَنۢبَآءُ يَوْمَئِذٍ فَهُمْ لَا يَتَسَآءَلُونَ ﴿٦٦﴾

**66. Гьеб къоялъ мушриказда кинабго жо кIочон букIула, щиб жаваб кьелебги гьезда лъаларо.**

**Гьезул цоцаздехун кIалъезецин гьунарги букIуларо,** жидеда бугеб хIинкъиялъул ва къварилъиялъул гучалъ.

فَأَمَّا مَن تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحًا فَعَسَىٰٓ أَن يَكُونَ مِنَ ٱلْمُفْلِحِينَ ﴿٦٧﴾

**67. Ва амма жидеца купру-ширкалдаса тавбоги гьабун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал, гьал гIадамал жидер лъикIлъиялда кверщел батараздаса рукIиялда хьул буго.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хьул буго абураб рагIи абураб мехалъ гьелъул магIна букIуна гьеб жо хIакъаб букIин. Гьаб аяталъул магIнаги «гьел гIадамал бахьибуголъарал руго ва жидер ахиараталда алжаназда кверщел батулел руго»-абун буго.

وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ وَيَخْتَارُ ۗ مَا كَانَ لَهُمُ ٱلْخِيَرَةُ ۚ سُبْحَٰنَ ٱللَّهِ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٦٨﴾

**68. Дур БетIергьан Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьараб жо бижула ва жиндие бокьараб жо тIасаги бищула.** Гьесул пишаялда данде кIалъалев, гьесда гIайиб чIвалев щивго чи вукIуларо.

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бижараб махлукъаталъул цонигиязе ихтияр гьечIо жидеца цо жо тIаса бищизе ва гьеб гьабизе:** ай цо пуланаб жо лъикIаб буго яги квешаб буго абун хIукму гьаби ТIадегIанав Аллагьасул ихтиялда бугеб жо буго. **Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вац1цIадав ва ТIадегIанав вуго мушрикаца гьеседа гIунтIизарулел, гьесие мукъсанлъи бачIулел сипатаздаса.**

وَرَبُّكَ يَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُورُهُمْ وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٦٩﴾

**69. Дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, гIадамазул ракIазда жаниб бахчарабги,**

**гьез загьиралда гьабулебги кинабго гIамал.**
Гьелда данде жазаъ гьабиялдаса цониги инсан ворчIизе гьечIо.

وَهُوَ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ لَهُ ٱلْحَمْدُ فِى ٱلْأُولَىٰ
وَٱلْءَاخِرَةِ وَلَهُ ٱلْحُكْمُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жив гурев цоги алагь гьечIев. Гьесие буго кинабго щукру ва рецц дунялалъул рукъобги хадуб ахираталдаги.**

**Кинабго жоялъул хIукму-къадарги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кодоб буго ва ахир киназулго руссинги гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ буго.** Дунял ахираталъул киналго умуразул хан цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго. Гьединав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьаби хIакъаб ва тIадаб жо буго. Гьесдехун щибго жо ширк гьаби ахIмакълъи ва къосин буго.

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن جَعَلَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمُ ٱلَّيْلَ
سَرْمَدًا إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ مَنْ إِلَٰهٌ غَيْرُ ٱللَّهِ
يَأْتِيكُم بِضِيَآءٍ أَفَلَا تَسْمَعُونَ ﴿٧١﴾

71. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъоларел, дур рисалат ритIухъ гьабуларел капурзабазда **дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун жаваб кье.**

**ТIадегIанав Аллагьас кидаго сордо букIунеблъун гьабуни ва къиямасеб къо щвезегIан жинца гьеб амруги хисизабичIони, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги щив алагьха вугев жинда кIолев нужее канлъи бихьизабизе ва нур базабизе? Гьаб рагIи рагIуларищ гьел инкарчагIазда ва гьелъул гьез пикру гьабуларищ?».**

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن جَعَلَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمُ ٱلنَّهَارَ
سَرْمَدًا إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ مَنْ إِلَٰهٌ غَيْرُ ٱللَّهِ
يَأْتِيكُم بِلَيْلٍ تَسْكُنُونَ فِيهِ أَفَلَا
تُبْصِرُونَ ﴿٧٢﴾

**72. Хадубги дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: Нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун рихье: ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къо щвезегIан къо букIулеблъун гьабуни.**

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги щив алагьха вугев нужее сордо бачун вачIине кIолев, нужеца хIалхьи гьабизе? Нужеда бихьулеб ва лъалеб гьечIищ нуж кинаб къосиналъулъ ругеблъи.**

وَمِن رَّحْمَتِهِۦ جَعَلَ لَكُمُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ
لِتَسْكُنُوا۟ فِيهِ وَلِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ
وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٧٣﴾

**73. Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ кIудияб рахIмат ва гурхIел буго жинца нужее сордоги къоги гьабиялда жаниб: Сардилъ нуж хIалхьи гьабизе чIолеб, къоялъулъ нужеего яшав гьабизе къватIире рахъунеб.**

**Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалда нужеца щукру гьабизе.** ТIадегIанав Аллагьас гьаб низам хисизабуни инсанасул гIумру

жиндилъ къварилъи, квал-квал бугеблъун лъугьула, гьеб низам бит1изабизе кIолеб кинабгIаги къуватги букIуларо.

وَيَوۡمَ يُنَادِيهِمۡ فَيَقُولُ أَيۡنَ شُرَكَآءِيَ ٱلَّذِينَ كُنتُمۡ تَزۡعُمُونَ ﴿٧٤﴾

**74. Гьеб къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьас халкъалда цере** жидеца ширк гьабулел рукIарал гIадамал гIодорегIан гьарун, **гьезда ахIула:**

**«Кире арал дол нужер алагьзаби, дидехун ширк гьабун нужеца гьезие лагълъи гьабулел рукIарал?** Дица нужее гIазаб гьабизехъин буго, гьел алагьзаби рачIа абе нужее квербакъи гьабизе!»-абун.

وَنَزَعۡنَا مِن كُلِّ أُمَّةٖ شَهِيدٗا فَقُلۡنَا هَاتُواْ بُرۡهَٰنَكُمۡ فَعَلِمُوٓاْ أَنَّ ٱلۡحَقَّ لِلَّهِ وَضَلَّ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يَفۡتَرُونَ ﴿٧٥﴾

**75. Дица щибаб умматалдаса жинца нугIлъи гьабулев чи цеве вахъизавула.** Гьев вуго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ авараг. Авараг цеве чIезавун, **ТIадегIанав Аллагьас капурзабадехун абула: «Гьанже бачеха нужерго хIужа-далил нуж купру-ширкалда чIеялъе»-абун.** Гьезул щибго хIужа букIуларо ва гьаб рагIиги гьел гIодорегIан гьарун гьезул кIанцIизе бакI тIагIизабун абулеб рагIи буго.

**Цинги гьеб капураб къавмалда лъала цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев цоги аллагь гьечIеблъи ва кинабго хIукму-къадар гьесда кодоб букIин. Гьездаса рикIкIалъун, цересан тIагIун чIола дунялалда гьез жидее лагълъи гьабулел рукIарал хъанчалги, цогидал жалги.** Гьел киналго цадахъ, бетIер бехе гьабун, цоязда хадур цоял реххун, жужахIалда жанире уна ва гьеб жужахI жидер чурхдуздалъун боркьулеб алатлъун гьел гьарула.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги гьаб агьлугун цадахъ ккеялдаса.

Гьаб агьлу бокьарав чи гьелгун цадахъ вукIулин абун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мухIканаб хIадис буго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ рик1кIад гьареги гьеб купруялъул агьлу бокьиялдаса, гьезул кумекчагIилъун рукIиналдаса ва гьезул щайтIанияб къанун бокьиялдаса.

ТIадегIанав Аллагь вуго жив цогояв Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, жиндие лагълъи гьабизе тIадав, гьесул гIазабалдаса хIинкъизе ва гьесул рахIматалда хьул лъезе тIадав. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ тун батIияб жоялъе лагълъи гьабизе бегьуларо, гьесдаса гурони хIинкъизеги бегьуларо гьесда гурони хьул лъезеги бегьуларо, гьесдасан гурони гьаризеги бегьуларо.

ТIадегIанав Аллагь вуго жив цогояв хан: Кинабго хIукмуги гьес гьабула, гьесул гуреб хIукму бусурбабаз хIалтIизабуни гьел капурлъиялда хIинкъи буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялдалъун хIукму гьабизе рес

букIаго цоги батIияб хIукму бокьун гьеб тIасса бищарав чи капурчи вукIин щибго щаклъи гьечIеб жо буго.

ТIадегIанав Аллагь вуго жинца рижизарулев (الخَالِقُ) жинца ризкъи кьолев (الرَّزَّاقُ), жинца хвезарулев (المُمِيتُ). Ва жинца ахираталда чIаго гьарун тIаде рахъизарулев (البَاعِثُ). Гьал сипатал цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гурони гьечIо. Гьал сипатал лъазе ва ричIч1изе тIадаб буго. Гьал сипатал рич1чIун, гьезда гIамал гьабурав муъминчиясул ракI хIалхьола, гьесул иман камиллъула ва гьев кидаго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда вукIуневлъун лъугьула. Гьав ТIадегIанав Аллагьги нахъегIан къазавун, цоги щиб бугониги жоялда хьул лъурав, гьелдаса хIинкъарав, гьелда божарав, гьелда ах1и барав чи жинца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ширк гьабулев чи вукIула.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб ширк гьабиялдасаги нилъ цIунаги.

إِنَّ قَٰرُونَ كَانَ مِن قَوْمِ مُوسَىٰ فَبَغَىٰ عَلَيْهِمْ ۖ
وَءَاتَيْنَٰهُ مِنَ ٱلْكُنُوزِ مَآ إِنَّ مَفَاتِحَهُۥ لَتَنُوٓأُ
بِٱلْعُصْبَةِ أُو۟لِى ٱلْقُوَّةِ إِذْ قَالَ لَهُۥ قَوْمُهُۥ لَا تَفْرَحْ ۖ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْفَرِحِينَ ﴿٧٦﴾

**76. Х1акълъунго Къарун абулев бечедав, бахилав, залимав чи Мусал къавмалдаса вукIана.** Мусал вацгIал вукIана абуна ИбнугIаббасица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ. **Гьев Къаруница жиндир агьлуялъе зулму ва къварилъи гьабуна.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие кьурал гIемерал нигIматазде щукру гьабичIого, гьезда инкар ккураздаса вук1ана. **Дица гьев Къаруние гIемераб хазина кьуна: гьеб жаниб лъурал хизанатазул** (складал) **кIулал къуватал гIадамазул жамагIаталда раччизе кIолоребгIан гIемераб.**

Гьеб гIемераб бечелъи ва хазина жиндие букIиналдалъун Къарун чIухIун ва гIамал кIодолъун вугеб мехалъ, **гьесул къавмалъ абуна: «Мун гIемерго воххун вукIунге Къарун! ТIадегIанав Аллагьасе гьединал чIухIараб рохел загьир гьабулел гIадамал рокьуларо»-абун.** Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рокьула жидее нигIматал кьураб мехалъ гьел кьурав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин лъан, гьесие щукру ва рецц гьабун роххулел гIадамал.

وَٱبْتَغِ فِيمَآ ءَاتَىٰكَ ٱللَّهُ ٱلدَّارَ ٱلْءَاخِرَةَ ۖ وَلَا
تَنسَ نَصِيبَكَ مِنَ ٱلدُّنْيَا ۖ وَأَحْسِن كَمَآ
أَحْسَنَ ٱللَّهُ إِلَيْكَ ۖ وَلَا تَبْغِ ٱلْفَسَادَ فِى ٱلْأَرْضِ ۖ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٧٧﴾

**77. Дуе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьурал нигIматаздалъун дуца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва ахираталъул рукъоб дуе алжан щолеб гIамал гьабе. Дуе дунялалъул рукъобго лъикIлъи гьабизеги кIочонге.** Гьеб боцIи данде гьабулев вукIун ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабизе кIочонге.

**Аллагьас ﷻ дуе лъикIлъи гьабун бугеб гIадинго дуца гIадамазеги лъикIлъи гьабе. Мун ракьалда тIад пасалъи гьабулевлъун, гьеб гьабизе бокьулевлъунги вукIунге. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасе рокьуларо жидеца пасалъи ва зулму гьабулел гIадамал»-абун.**

قَالَ إِنَّمَآ أُوتِيتُهُۥ عَلَىٰ عِلۡمٍ عِندِيٓۚ أَوَلَمۡ يَعۡلَمۡ أَنَّ ٱللَّهَ قَدۡ أَهۡلَكَ مِن قَبۡلِهِۦ مِنَ ٱلۡقُرُونِ مَنۡ هُوَ أَشَدُّ مِنۡهُ قُوَّةٗ وَأَكۡثَرُ جَمۡعٗاۚ وَلَا يُسۡـَٔلُ عَن ذُنُوبِهِمُ ٱلۡمُجۡرِمُونَ ٧٨

**78. Къаруница абуна: «Х1акълъунго гьаб кинабго жо дие щвана дир гIелмуялдалъун ва дир гьунаралдалъун»-абун. Гьав Къарунида лъаларищ ТIадегIанав Аллагьас гьасдаса цере рукIарал гьасдаса гIемерго къуватал ва гучал гIадамал гьалаг гьаруураблъи.**

**Гьесдаса боцIи-малги гIемерал ва кьибил-тухумги гучал. Гьел къосарал гIадамал гьалаг гьаризе Аллагьасул ﷻ хIукму-къадар тIаде щвараб мехалъ гьезда гьикъуларо жидер мунагьазул хIакъалъулъ.** Аллагьасда ﷻ кинабго жо лъалеб букIуна ва гьезул хIисаб мизан гьаби ахираталда букIуна.

فَخَرَجَ عَلَىٰ قَوۡمِهِۦ فِي زِينَتِهِۦۖ قَالَ ٱلَّذِينَ يُرِيدُونَ ٱلۡحَيَوٰةَ ٱلدُّنۡيَا يَٰلَيۡتَ لَنَا مِثۡلَ مَآ أُوتِيَ قَٰرُونُ إِنَّهُۥ لَذُو حَظٍّ عَظِيمٖ ٧٩

**79. Цо къоялъ гьев Къарун къавмалда цеве вахъана жиндир берцинлъиялъулъ:** ЧIухIараб ретIелгун, гIемерал хъулухъчагIи-гъарабашалгун. ЧIухIарал чуязда рекIун, зурма-къали, дарай-зарбалгун.

**Гьев Къарунги гьесул чIухIараб къокъаги бихьараб мехалъ, дунялалъул чIаголъи бокьулел гIадамаз абуна: «Нижееги бугеб анищ гьав Къаруние бугеб гIадаб бечелъи ва кIодолъи. Х1акълъунго гьеб цIакъ кIудияб талих1-рохел буго»-абун.** Дунялалда кьолеб жоялъул цIакъ кIудияб ва гIемераб жо буго гьаб Къаруние кьураб жоян абуна.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَ وَيۡلَكُمۡ ثَوَابُ ٱللَّهِ خَيۡرٞ لِّمَنۡ ءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحٗاۚ وَلَا يُلَقَّىٰهَآ إِلَّا ٱلصَّٰبِرُونَ ٨٠

**80. Жидеда Аллагь ﷻ лъалел, ахираталда божулел муъминзабаца абуна: «Вай нужее лъикI букIаял! Нужеца гьединаб рагIи абуге. Ахираталда Аллагьас ﷻ кьолеб ажро-кири цIакъ кIудияб буго жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе. Гьеб ажро-кириги кьоларо ва щоларо жидеца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда сабру гьабурал**

**гIадамазе гурони»-абун.**

فَخَسَفۡنَا بِهِۦ وَبِدَارِهِ ٱلۡأَرۡضَ فَمَا كَانَ لَهُۥ مِن فِئَةٖ يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مِنَ ٱلۡمُنتَصِرِينَ ﴿٨١﴾

**81. Дица гьев Къарунги гьесул мина-мулкги ракьулъ гъанкъизабуна. Гьеб къоялъ Къаруние квербакъизе кIолеб цониги къокъа букIинчIо, Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса Къарун хвасар гьавизе.**

**Гьев Къарунида жиндагоги щибго жо гьабизе кIолеб букIинчIо жив гьеб гIазабалдаса хвасарлъизе. Ва гьев Къарун жив хвасарлъараздасаги вук1инч1о**

وَأَصۡبَحَ ٱلَّذِينَ تَمَنَّوۡاْ مَكَانَهُۥ بِٱلۡأَمۡسِ يَقُولُونَ وَيۡكَأَنَّ ٱللَّهَ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ مِنۡ عِبَادِهِۦ وَيَقۡدِرُۖ لَوۡلَآ أَن مَّنَّ ٱللَّهُ عَلَيۡنَا لَخَسَفَ بِنَاۖ وَيۡكَأَنَّهُۥ لَا يُفۡلِحُ ٱلۡكَٰفِرُونَ ﴿٨٢﴾

**82. Гьеб мехалъ дол Къаруние бугеб гIадаб бечелъи ва кIодолъи жидееги бугеб анищилан рукIарал гIадамал гьабизе жо тIагIун хутIана ва гьез абулеб букIана:**
**«Вай Аллагь! Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир лагъзадеридаса жиндие бокьарав чиясе цIакъ гIатIидго ризкъи кьолеб буго ва гьеб ризкъи нахъеги босулеб буго. Жиндие бокьарав ризкъи дагь гурого кьечIого толев вуго.** Гьеб иш инсанасул хиралъиялда яги лъикIлъиялда бараб букIун гьечIо.

**Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нижеда цIоб-рахIмат гьабун букIинчIебани, нижги гьев Къарунида цадахъ ракьалъ кквелаан. Вай Аллагь! Х1акълъунго Аллагьасда инкар ккурал гIадамазе дунялалдаги бахьибуголъи гьечIо, гьезул ахираталдаги лъикIлъиялда кверщел батулеб гьечIо»-абун.**

Дунялалъул рукъор цодагьаб мехалъ чIухIун, гIамал кIодолъун хьвадулел рукIаниги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал зулмучагIазул ахир цIакъ квешаб букIунеб буго. Ахираталдаги гьел абадияб жужахIалда рукIизе руго.

تِلۡكَ ٱلدَّارُ ٱلۡأٓخِرَةُ نَجۡعَلُهَا لِلَّذِينَ لَا يُرِيدُونَ عُلُوّٗا فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا فَسَادٗاۚ وَٱلۡعَٰقِبَةُ لِلۡمُتَّقِينَ ﴿٨٣﴾

**83. Ахираталъул рукъ буго гьаб дуняладда жидее тIадегIанлъи бокьуларел ва жидеца зулму-пасалъиги гьабуларел гIадамазе дица х1адурун бугеб.**

Гьеб ахираталъул рукъ абадияб алжан буго, щиб жо напсалъе бокьаниги гьеб жо жиндие бугеб, жинда жаниб кинабгIаги захIмалъи-къварилъи гьечIеб, рихараб, бокьулареб жоги гьечIеб. **Гьаб алжан щолеб**

**лъикIаб ахират буго Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун дунялалъул рукъор хьвадарал муъминзабазе.**

**84. Жидеца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе Аллагьас ﷻ гьелдасан гIемерго лъикIаб жазаъ гьабула. Жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамазе жазаъ гьабуларо гьез гьабураб гIамалалда релълъараб гурони.**

مَن جَآءَ بِٱلْحَسَنَةِ فَلَهُۥ خَيْرٌ مِّنْهَا ۖ وَمَن جَآءَ بِٱلسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزَى ٱلَّذِينَ عَمِلُوا۟ ٱلسَّيِّـَٔاتِ إِلَّا مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٨٤﴾

**85. Х1акълъунго дуда Къуръан рештIизабурав дур БетIергьан Аллагьас ﷻ мун дур анишлъун бугеб Маккаялда тIад вуссизавизе вуго.**

إِنَّ ٱلَّذِى فَرَضَ عَلَيْكَ ٱلْقُرْءَانَ لَرَآدُّكَ إِلَىٰ مَعَادٍ ۚ قُل رَّبِّىٓ أَعْلَمُ مَن جَآءَ بِٱلْهُدَىٰ وَمَنْ هُوَ فِى ضَلَـٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٨٥﴾

Гьаб буго Аллагьас ﷻ Макка бахъизе букIиналдалъун рохел бицин. Гьижра гьабун гьенисан къватIиве ине ккедал, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кидаго Маккаялде тIад вуссизе бокьун вукIана. Гьесул ракI парахат гьабизе Аллагьас ﷻ гьаб аят рештIизабуна.

**Дуца абе МухIаммад ﷺ: Дир БетIергьан жинда лъик1 лъалев вуго битIараб жоялдалъун жив вач1аравги ва жив баянабго къосиялъулъ вугевги чи.** Гьаб рагIи буго Маккаялъул мушриказдехун абулеб. Гьезда лъазабулеб буго щивав чияс гьабураб гIамалалъул жазаъ гьесие букIизе бугин ва Аллагь ﷻ кинабго жо жинда лъалев вугин абунги.

**86. Дуда ракIалда кколеб букIинчIо ва дур хьулги лъолеб букIинчIо мун авараг ﷺ вукIинин абун, дуда Къуръанги рештIизабилин абун. гьеб буго Аллагьасул ﷻ дуе бугеб рахIмат. Гьедин бугелъул мун вукIунге капурзабазе квербакъулевлъун ва гьезул батIулаб дин ритIухъ гьабулевлъунги.** Гьезулгун хIал рекъезабулаян абун гьезул къосин ва купру къабул гьабуге.

وَمَا كُنتَ تَرْجُوٓا۟ أَن يُلْقَىٰٓ إِلَيْكَ ٱلْكِتَـٰبُ إِلَّا رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۖ فَلَا تَكُونَنَّ ظَهِيرًا لِّلْكَـٰفِرِينَ ﴿٨٦﴾

Гьаб хитIаб хирияв аварагасдехун ﷺ гьабураб бугониги, гьаб буго гьесул умматалда гьабураб хитIаб; гьез капурзабазе квербакъичIого букIизе ва гьезул диналда нахъ рилълъинчIого рукIизе.

**87. Аллагьас ﷻ дуда рештIизабураб хIакъаб Къуръаналдаса мушриказ мун гьездехун вуссизавуге абе! гьеб Къуръан дуда рештIизабун хадуб мун цоги жоялда**

وَلَا يَصُدُّنَّكَ عَنْ ءَايَـٰتِ ٱللَّهِ بَعْدَ إِذْ أُنزِلَتْ إِلَيْكَ ۖ وَٱدْعُ إِلَىٰ رَبِّكَ ۖ وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٨٧﴾

**гIенеккуге ва валагьуге.**

**Дуца гIадамалги ахIе Аллагь ﷻ цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда. Мун вукIинего вукIунге жидеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабулел гIадамаздаса:** гьезда хIал рекъезабун, гьезие бокьараб жо гьабун хьвадарав чи гьел мушриказдаса вукIула.

Капурзабазул зулмуялдаса ц1унизелъун, рес къот1араб бак1алда, рак1алъе гьел рихун рук1ингун цадахъ, гьездехун т1асагояб х1ал рекъезаби шарг1алъ бегьизабураб буго.

وَلَا تَدْعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ كُلُّ شَيْءٍ هَالِكٌ إِلَّا وَجْهَهُۥ لَهُ ٱلْحُكْمُ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٨٨﴾

**88. Дуца жив цогояв Аллагьгун ﷻ цадахъ цоги кинабгIаги жо алагьлъун ккун, гьелъие г1ибадат гьабуге. Жив цогояв, цоги гьечIев вуго гьев Аллагь ﷻ. Гьев Аллагь ﷻ тун нахъияб жо жиб гьалаглъулеб ва паналъулеб буго. Аллагьасе ﷻ буго кинабго жоялъул хIукму-къадар гьаби. Ахир кинабго жоялъул буссинги гьесде буго.** Х1исаб-мизан ва жазаъ гьабизе нуж киналго Аллагьасда ﷻ цере чIезе ругел руго.

ГIалимзабазул хилап буго: «Аллагь ﷻ тун нахъияб жо гьалаглъулеб буго»-абураб рагIиялъул тафсир гьабиялъулъ. Цо гIалимзабаз абуна: гьелъул магIна бугин Аллагь ﷻ тIалаб гьабун гьабураб гIамал гуреб кинабго жо жиб гьалаглъулеб, жиндаса мунпагIат гьечIеб бугин абураб. Цоги гIалимзабаз абуна: Аллагьасул ﷻ зат тун нахъияб жо паналъулеб бугин абураб магIна бугин-абун. Гьаб рагIиялда тIад гIемераб кIалъай буго, гIелму тIалаб гьабулел гIадамазе жиндаса мунпагIат бугеб. Дица гьеб бахIс хъвачIого тана.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун суратул Къасасалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 29. Суратул Г1анкабут

سُورَةُ العَنكَبُوتِ

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб лъабкъоялда ичIго аят бугеб.*

*Гьаб сурат Маккаялда рештIизабураб бугелъул, гьалда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьари, ахират букIин ва гьениб хIисаб-мизан, алжан-жужахI букIин бицун буго. Маккаялда ругеб мехалъ муъминзаби мушриказ кьварид гьарулел рукIиндал, гьезие вагIзалъун ва гIибратлъун букIизе аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисаби рицун руго, гьезда бихьараб гIакъуба-захIматги баян гьабун.*

*Сураталъул бай бихьудасаго муъминзабазда абулеб буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъиги алжанги щвезе ккани, гьеб щибго гIакъубаго бихьичIого щолеб жо гьечIин, нилъ иман лъурал чагIи ругин абураб рагIиялдалъун алжаналдаги лъугьизаруларин абун. Хадуб хириял аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьабураб хIалбихьи ва кьварилъи бицун НухI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ, хадуб Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ, ЛутI, ШугIайб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къиса бицун буго. Гьел аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарурал умматал кин гьалаг гьарурабги баян гьабун буго.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул рисалат ритIухъаб букIин чIезабун, гьесда рештIизабураб гьаб хирияб Къуръан жинда къец гьабун бажаруларeб мугIжизат букIинги бицун буго. ТIадегIанав Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел, гьаб махлукъаталда жанир ругел загьирал гIаламатаздаги кантIизарулел руго.*

*Гьаб сураталда цIар лъун буго «нусиречалъул сурат»-абун. Гьалда жаниб жидеца хъанчиe лагълъи гьабулел гIадамазул диналъул загIиплъи ва пайда гьечIолъи бицун ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абун букIиналъе гIоло: «Аллагьги тун цоги ваlизаби ккурал гIадамазул мисал буго нусиречалъул мисал: жинца тIеренаб, загIипаб куналъ хьухьун рукъ гьабураб»-абун.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Алиф, Лам, Мим.**

الٓمٓ ١

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупал абиялдалъун бугеб мурад ва гьезул магIна.

**2. ГIадамазда ракIалдайищ кколеб бугеб жидеца иман лъуна абураб рагIи абураб мехалъ, жал щибго питна-къварилъи гьабичIого телин абун.**

أَحَسِبَ ٱلنَّاسُ أَن يُتۡرَكُوٓاْ أَن يَقُولُوٓاْ ءَامَنَّا وَهُمۡ لَا يُفۡتَنُونَ ٢

Гьедин гьечIо Аллагьасул ﷻ амру. «нижеца иман лъуна»-ян абурал гIадамазул Аллагьас ﷻ хIалбихьи гьабула хIакъикъаталда жидеца иман лъуралги, кIалалъ гьеб рагIиги абун ракIалъ иман лъечIел мунапикъзабиги ратIа гьаризе.

Ибну Жавзи абулев гIалимас абуна: гьаб аят рештIизабуна Маккаялда рукIарал ГIамар ибну ясир, Билал رضي الله عنهم ва цогидалги асхIабзабазе мушрикаца кутакаб къварилъи гьабулеб букIиндал, гьезул ракIал щула гьаризе ва гьез сабру гьабизе сабаблъун букIине. Аллагьас ﷻ баян гьабулеб буго гьеб муъминзабазул хIалбихьи гьаби жиндир суннат (нух) букIин, жидер иманалъулъ ритIухъал муъминзабаца сабро гьабураб мехалъ, гьезие ахираталда ажро цIик1кIинабизе ва гьезул даража-макъамги тIадегIан гьабизе.

**3. ХIакълъунго дица хIалбихьи гьабуна гьезда цере рукIарал умматазул муъминзабазулги. Аллагьас ﷻ чара гьеч1ого гьелдалъун загьир гьарун лъазарула иманалъулъ ритIухъал гIадамал ва гьединго лъазарула жидеца гьереси бицулел, мунапикъал гIадамалги.** Ва амма Аллагь ﷻ жинда кинабго жоялъул загьирги бат1инги лъалев вуго.

وَلَقَدۡ فَتَنَّا ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۖ فَلَيَعۡلَمَنَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ صَدَقُواْ وَلَيَعۡلَمَنَّ ٱلۡكَٰذِبِينَ ٣

**4. Жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамазда ракIалдайиш кколеб бугеб гьел дир гIазабалдаса рорчIилин абун.**

أَمۡ حَسِبَ ٱلَّذِينَ يَعۡمَلُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ أَن يَسۡبِقُونَاۚ سَآءَ مَا يَحۡكُمُونَ ٤

Дида гьез гьабулеб жо лъаларин абун ва Дида гьазие гIазаб гьабизе кIоларин абун. Гьедин гьечIо амру. РорчIуларо гьел Дир гIазабалдаса. **Гьезул ракIалда ккараб жо ва гьез гьабулеб хIукму цIакъ квешаб хIукму буго.**

**5. Жинца ахираталда иман лъурав ва Аллагьасда ﷻ данде чIвазе вукIин**

مَن كَانَ يَرۡجُواْ لِقَآءَ ٱللَّهِ فَإِنَّ أَجَلَ ٱللَّهِ لَأٓتٖۚ

وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ۝٥

**лъалев муъминчиясе** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъикIаб жазаъ гьабизе буго **ва гьеб Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **данде чIвалеб къо щибго щаклъи гьечIого бачIизе буго. ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва лъалев.** Гьесие жиндир лагъзадерил гIамалал балъго хутIуларо, щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.

وَمَن جَٰهَدَ فَإِنَّمَا يُجَٰهِدُ لِنَفۡسِهِۦٓۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَغَنِيٌّ عَنِ ٱلۡعَٰلَمِينَ ۝٦

**6. Жинца напсалда жигьад гьабун гьеб Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тIагIат-гIибадат гьабиялда ругьун гьабурав чиясе хIакълъунго гьеб жигьадалъул лъикIлъи жиндиего буго.**

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб гIамал гьабиялда ва гьесде гIасилъи гьабун гутIиялда напс куцарав чиясе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва лъикIаб ахират щола. **ХIакълъунго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинца гIейи гьабулев вуго кинабниги гIаламалдасаго.** Гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо. Инсанас гьабураб гIамалалъулги гьесие щибго лъикIлъи яги квешлъи букIуларо.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَنُكَفِّرَنَّ عَنۡهُمۡ سَيِّـَٔاتِهِمۡ وَلَنَجۡزِيَنَّهُمۡ أَحۡسَنَ ٱلَّذِي كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ۝٧

**7. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе, дица гьезул киналго мунагьал чурила ва гьезие жидеца гьабураб лъикIаб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб жазаъги гьабила.**

وَوَصَّيۡنَا ٱلۡإِنسَٰنَ بِوَٰلِدَيۡهِ حُسۡنٗاۖ وَإِن جَٰهَدَاكَ لِتُشۡرِكَ بِي مَا لَيۡسَ لَكَ بِهِۦ عِلۡمٞ فَلَا تُطِعۡهُمَآۚ إِلَيَّ مَرۡجِعُكُمۡ فَأُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ۝٨

**8. Дица инсанасда васият гьабун буго гьес жиндир эбел-инсуе лъикIлъи гьабе абун.**

Гьаб васият буго жиб тIубазабизе тIадаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру. Гьел эбел-эмен руго гьев инсан ватиялъе сабаблъун ругел. Гьев хьихьун, гьесие тарбия гьабун жидеда гIакъуба бихьарал. Гьев инсан унтараб мехалъ гьесда ракI гурхIун жалги унтулел, гьесда гIакъуба-къварилъи щвараб мехалъ гьеб жидее цIакъ захIмалъулел, гьесие лъикIлъи ва рохел бугеб къо бачIараб мехалъ жидер ракI цIакъ бохулел, гьелдаса кIудияб рохел жидее букIуларел.

Ассави абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас лъималазда амру гьабуна эбел-имсуе лъикIлъи гьабе абун. Гьелъул хIикмат буго лъималазул тIабигIат-гIамал букIин жидер эбел-инсудехун гурхIел гьечIеб, гьезие мутIигIлъуларел, гьезул амруялда гIасилъун, гьезие бокьараб жоялъул гIаксалда гIамал гьабун хьвадулел. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ

гьезда амру гьабуна жидер напсазе бокьулареб ишги тIадкъан. Гьеб амру тIубаразе ажро-кири букIизе, гьеб амруялда гIасилъаразе жинца гIазабги гьабизе.

Эбел-инсул тIабигIатго буго жидер лъималаздехун цIикIараб гурхIел-рахIму букIунеб, гьезие лъикIлъи букIине бокьулеб. Гьедин бугелъул гьезул амру Аллагьас ﷻ жидедаго тIамун тана ва гьезул гIамал-тIабигIаталда жив разиявлъунги лъугьана.

**Гьел эбел-инсуца дудехун хIал гьабуни ва гьез кигIанго яхI бахъаниги дуца дидехун щиб бугониги жо ширк гьабун гьелъие лагълъи гьабиялда мун вачизе, гьеб ишалъулъ мун эбел-инсуе мутIигIлъуге, гьезул амруялдаги нахъвилълъунге.** Аллагьасдехун ﷻ гIасилъе абун амру гьабураб мехалъ щивниги чиясе мутIигIлъизе бегьуларо: Аллагьасул ﷻ амру хвезе гьабун, гьебги гIодоб тун Аллагьас ﷻ бижараб махлукъаталъул амру тIадегIан гьабизе бегьуларо. Гьаб бакIалда щвараб мехалъ эбел-инсудаги мутIигIлъуларо ва гьездаса ватIалъун Аллагьасул ﷻ амру тIубай тIаде босизе ккола.

**Нуж киналго ахираталда дида руссизе руго ва гьениб дица нужее баян гьабизе буго гьаб дунялалъул рокъор нуж жиндилъ хилиплъун рукIараб диналъул амру.** Нужеца гьабураб гIамал тIад хъварал кагъталги цере рахъун, гьеб хъварал малаикзабиги нугIлъун чIезарун, хадуб нужерго лугби кIалъазарун, гьезда нугIлъи гьабизабун, нужер хIужа-далил тIагIараб хIалалъ, нуж мукIур гьарун хадуб щивасул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

Жинда Аллагь разилъаяв СагIд ибну Абивакъасица абуна: ТIадегIанав Аллагьас ункъго аят рештIизабуна, жидеда жаниб дир бицен бугел. Гьел аятаздаса буго гьаб аятги (8 абилеб аят).

Дун вукIана дир эбелалъе цIакъго лъикIлъи гьабулевлъун. Дица исаламияб дин босараб мехалъ, эбелалъ дида абуна: «Гьаб щиб дин бугеб дуца босараб я СагIд? Дуца гьеб дин рехун тун мун умумузул диналда вусса. Дуца гьеб дин рехун течIони дица щибго тIагIам кваназе гьечIо, лъимги гьекъезе гьечIо, дуца гьеб дин тезегIан яги дун хвезегIан. Цинги гIадамазда цеве мунги нечаравлъун хут1ила ва дуда абила я гьав жиндир эбел чIварав чи»-абун.

Дица гьелда абуна: дуца гьеб иш гьабуге, я дир эбел! Дица гьаб дин тезе гьечIо щибниги жоялъе гIоло ва кидагоян-абун. Цинги дир эбел жинца квен кваначIого ва лъим гьекъечIого чIана цо сордо-къоялъ. Дица гьарун яхI бахъана гьелда квен кваназабизе. Гьелъ квен кваначIого цогиги сордо-къо ана. Цинги дица абуна:

я дир эбел! Дуда лъай, Валлагьи, дица гьаб дин толаро ва дун гьалдаса

вуссуларо дур нусго батIияб рухI бугониги ва цо-цо ккун гьеб рухI бахъулеб бугониги. Дуе бокьани дуца квен кванае дуе бокьани кваначIого теян-абун. Гьелда дица дир дин толареблъи лъараб мехалъ, гьелъ квен кванана ва ТIадегIанав Аллагьас ﷻ гьаб аятги рештIизабуна»-абун.

Гъасан ХIамдунил тафсиралда абуна: гьаб аяталда жаниб ва жинда Аллагь разилъаяв СагIд ибну Абивакъасил хабаралда жаниб мухIканаб далил буго жагьилаб, капураб хъизамалда гьоркьов ккарав, гьенив жаниса исламалда вачIарав гIолохъанчияс гьабизе кколеб гIамалалъе жаваблъун бугеб. Гьел гIолохъабазда тIадаб буго жидер хъизаналдаги исламияб диналда рачIа абун дагIват гьабизе. Жиндир эбел-инсуе къварилъи гьабиларо, амма гьезул мурадги гьабун жинца Аллагьасде ﷻ гIасилъулеб, гьесул дин мукъсанлъулеб гIамал гьабизе бегьуларо. ХIакъаб жо буго гьеб капураб, жагьилияб хъизаналъ бусурманчиясе къварилъи гьабизе букIин. Гьеб къварилъиги хIехьон жиндир иманалда чIарав чи вукIуна Аллагь ﷻ разилъи жиндие щолев. Жив хисардарав, жинца загIиплъи бихьизабурав чиясул иманги загIипаб букIула.

Гьаб заманаялъ г1емерлъун буго эбел-инсуца лъимал жидее бокьараб иш гьабизе т1ами, гьеб иш шарг1алда рекъон кколеб гьеч1ониги. Гьезул х1ужжаги бук1ула эбел-инсуе мут1иг1лъизе кколин абураб раг1и. Жидер устарасухъе рачула, киг1анго лъимал гьелда рази гьеч1ониги. Жидее вокьарав ц1аларав чи лъималазеги вокьаян абула, гьев шарг1алда хилиплъулев вугониги. Жидее рихарав г1алимчиясухъе лъимал риччаларо, гьес х1акъаб жо малъулеб бук1аниги.

Жегиги капурзабазе бокьараб г1амал гьабизе, гьезие мут1иг1лъизе лъимал ругьун гьарула. Х1арамаб, бидг1аяб иш гьабулел ругониги х1акимзабигун рекъарал дибирзабазда нахърилъаян абула. Х1укуматалъе рихарав муъминчи гьезие тушманлъун вихьизавула. Рехъалъе чахъабиг1адин, т1ад вугес ццере къот1ун рачиялда лъимал ругьун гьарулел руго. Жалгоги чияр лагъзаллъун ратидал, лъималги лагъзаллъун рук1иналда гьел разиял руго.

Т1адег1анав Аллагьас эбел-эменги, гьезул лъималги х1акъаб жо лъалеллъун гьареги. Гьезул бералдаса пардав борхун х1акъаб жо бихьулеллъун гьареги, г1иналдаса г1инкълъи босун бит1араб калам раг1улеллъун гьареги, рак1алдаса т1алъел бахъун Аллагьасул ﷻ амру-нагью бич1ч1улеллъун гьареги.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَنُدۡخِلَنَّهُمۡ فِي ٱلصَّٰلِحِينَ ٩

**9. Жидеца Аллагьасда ﷻ ва ахираталда иманги лъун,** гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъун, **лъикIаб гIамалги гьабун**

**хьвадарал гІадамал, дица лъикІал гІадамалгун цадахъ** алжаналъул нигІматазулъ **лъугьизарила.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَقُولُ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ فَإِذَآ أُوذِىَ
فِى ٱللَّهِ جَعَلَ فِتْنَةَ ٱلنَّاسِ كَعَذَابِ ٱللَّهِ وَلَئِن
جَآءَ نَصْرٌ مِّن رَّبِّكَ لَيَقُولُنَّ إِنَّا كُنَّا مَعَكُمْ ۚ
أَوَلَيْسَ ٱللَّهُ بِأَعْلَمَ بِمَا فِى صُدُورِ ٱلْعَٰلَمِينَ ١٠

**10. Аллагьасда иман лъунин ругел гІадамаздаса цо къокъа буго жидее Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **дин сабаблъун къварилъи гьабураб мехалъ, гьел мушрикаца жидее гьабураб къварилъи Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гІазаб бугин абун ракІалда кколел** ва жидеца хекого купру загьир гьабулел.

Гьел руго мунапикъзаби, жидее лъикІлъи щвараб мехалъ гьелдаса рохулел, гьеб жидер гьунар буго абун рак1алда ккун рукІунел. Жидеда исламияб дин сабаблъун дагьабниги захІмалъи щвараб мехалъ, гьеб исламияб динги тун купруялда унел.

**Аллагьасул рахъалъан муъминзабазе квербакъи бачІараб мехалъ гьез абула: ХІакълъунго нижги нужгун цадахъ рукІанин, нижееги бутІа гьабе нужее щвараб давлаялдасаян-абун.** Гьезул рагІи нахъчІван Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго. **«Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда лъик1 лъалев гьечІищха гІадамазул ракІазда жаниб бугеб жоги?».**

Гьел мунапикъзабазул хІалги лъала Аллагьсда جَلَّ جَلَالُهُ ва гьезие жазаъги гьабила:

وَلَيَعْلَمَنَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَلَيَعْلَمَنَّ
ٱلْمُنَٰفِقِينَ ١١

11. ТІадегІанав Аллагьас лагъзадерил хІалбихьи гьабула ва гьезда тІаде батІи-батІияб къварилъи ва гІазаб биччала:

**Жинда загьираб лъаялдалъун лъазе хІакъикъияб иман лъурал гІадамал ва жидеца мунапикълъи гьабулел гІадамалги.** Гьел мунапикъзаби къватІир чІвазарун гІадамазда цере инжитги гьаризе.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟
ٱتَّبِعُوا۟ سَبِيلَنَا وَلْنَحْمِلْ خَطَٰيَٰكُمْ وَمَا
هُم بِحَٰمِلِينَ مِنْ خَطَٰيَٰهُم مِّن شَىْءٍ ۖ
إِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ١٢

**12. Аллагьасда инкар ккурал гІадамаз муъминзабазда абуна: нуж нижер диналда рачІа ва исламияб дин те. Нагагь ахиратги батани, нужее гІазабги гьабизе батани гьеб гІазаб нижеца баччила нужедасаян-абун.**

**Гьел капурзаби жидергоцин мунагьал раччизе кІоларел руго.** Гьез цогидазул мунагьалги раччуларо. **ХІакълъунго гьел руго жидеца гьереси бицулел гІадамал.**

Жегиги гьел руго муъминзабазда тІад релъанхъулел, ахираталда иман

лъечIого, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъичIого кIалъалел гIадамал.

**13. Чара гьеч1ого гьел капурзабазда къиямасеб къоялъ жидер мунагьал раччизаризе руго ва жидеца къосизарурал гIадамазул мунагьалги раччизаризе руго.**

وَلَيَحۡمِلُنَّ أَثۡقَالَهُمۡ وَأَثۡقَالٗا مَّعَ أَثۡقَالِهِمۡۖ وَلَيُسۡـَٔلُنَّ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ عَمَّا كَانُواْ يَفۡتَرُونَ ١٣

Гьел гIадамазда жидедагоги раччизарила жидер къосиналъул мунагьал.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Жинца гIадамал къосиналде ахIарав чиясе гьесда нахърилъарал гIадамазул мунагьал рукIула. Жал нахърилъаразул мунагьалги щибго мукъсан гьаричIого гьезда тIадго рукIула»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**Чара гьеч1ого къиямасеб къоялъ гьел капурзабазда гьикъизеги буго жидеца дунялалда гьабураб гьересияб гIамалалдаса.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьечIин абиялдаса ва гьесда гIунтIизабун гьереси бицун хьвадиялдаса.

**14. Х1акълъунго дица НухI авараг عَلَيۡهِ السَّلَامُ витIана жиндир къавмалда, гьел Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда ахIизе.**

وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوۡمِهِۦ فَلَبِثَ فِيهِمۡ أَلۡفَ سَنَةٍ إِلَّا خَمۡسِينَ عَامٗا فَأَخَذَهُمُ ٱلطُّوفَانُ وَهُمۡ ظَٰلِمُونَ ١٤

**НухI аварагас عَلَيۡهِ السَّلَامُ гьеб къавм Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда ахIулаго гьезда гьоркьоб бана азарго сон, кIикъоялда анцIго сон тIаса бахъараб.** Гьеб къавмалъул гIемерисез иман лъечIо, НухI аварагги عَلَيۡهِ السَّلَامُ гьереси гьавуна. **Цинги гьезда тIаде тIупан биччан,** гьелдалъун гьел гьалаг гьаруна, **купру-ширкалда ва зулмуялда тIад чIун ругеб хIалалъ.**

**15. Дица НухI авараг عَلَيۡهِ السَّلَامُ ва гьевгун цадахъ гамида рекIун рукIарал гIадамал хвасар гьаруна гьеб тIупаналдалъун гьалаг гьариялдаса.**

فَأَنجَيۡنَٰهُ وَأَصۡحَٰبَ ٱلسَّفِينَةِ وَجَعَلۡنَٰهَآ ءَايَةٗ لِّلۡعَٰلَمِينَ ١٥

**НухIил عَلَيۡهِ السَّلَامُ къавм гьалаг гьаби хадусел умматазе дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламатлъунги гьабуна.**

Гьелдалъун муъминзабаца вагIза босизе, гьеб къиса бицун аваргзабаз عَلَيۡهِمُ السَّلَامُ ва муъминзабаца гIадамал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда, гьесул гIазабалдаса хIинкъиялда ахIизе.

**16. Ибрагьим аварагги عَلَيۡهِ السَّلَامُ витIана дица жиндир къавмалда.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялде гьел ахIизе.

وَإِبۡرَٰهِيمَ إِذۡ قَالَ لِقَوۡمِهِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَٱتَّقُوهُۖ ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ١٦

**Ибрагьимица къавмалда абураб гIуж бице МухIаммад ﷺ дуца умматалъе вагIзалъун: «Нужеца лагълъи гьабе цохIо Аллагьасе ﷻ ва нуж гьев Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъа. Гьеб буго нужее дунялалдаги ахираталдаги лъикIаб гIамал, нуж лъикIаб ва квешаб жо батIа гьабизе лъалел ратани** нуж дида нахърилъа ва купру-ширк те.

إِنَّمَا تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَوۡثَٰنٗا وَتَخۡلُقُونَ إِفۡكًاۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ تَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَا يَمۡلِكُونَ لَكُمۡ رِزۡقٗا فَٱبۡتَغُواْ عِندَ ٱللَّهِ ٱلرِّزۡقَ وَٱعۡبُدُوهُ وَٱشۡكُرُواْ لَهُۥٓۖ إِلَيۡهِ تُرۡجَعُونَ ١٧

**17. ХIакълъунго Жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагьги ﷻ тун, нужеца хъанчазе буго гIибадат гьабулеб. Нужеца гьересиял алагьзабиги рижизарулел руго:** гамачIалъул, цIулалъул ва цогидаб жоялъул хъанчал гьарулел руго, гьел алагьзаби ругинги абулеб буго.

**ХIакълъунго гьел, Аллагьги ﷻ тун нужеца лагълъи гьабулел алагьзаби руго нужее ризкъи кьоларел, гьеб кьезеги кIоларел.** Нужее щибго хайир яги зарал гьабизе кIоларел.

Нужеца гьездаса щибго жо тIалаб гьабуге, гьезда нужер хьулги лъоге! **Нужеца ризкъи тIалаб гьабе нужер БетIергьан Аллагьасдаса, гьесие гьабе гIибадатги ва гьесие гьабе щукруги, нужее кьурал нигIматазда. Нуж ахираталда Аллагьасда ﷻ руссизаризе руго** ва нужее жазаъги гьес гьабизе буго.

وَإِن تُكَذِّبُواْ فَقَدۡ كَذَّبَ أُمَمٞ مِّن قَبۡلِكُمۡۖ وَمَا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلۡبَلَٰغُ ٱلۡمُبِينُ ١٨

**18. Нужеца дун гьереси гьавуни ва Аллагьасда ﷻ иманги лъечIони,- гьеб нужеего квеш буго.**

**Нужеда цере рукIарал умматазги гьереси гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби.** Аллагьас ﷻ гьел дунялалда гьалаг гьаруна, ахиараталда гьезие жужахIалъул гIазабги букIизе буго. **Аллагьасул расуласда ﷺ тIадаб жо букIуна жинда тIад къараб рисалат умматалъухъе щвезаби. Гьел гIадамал иманалда тIоритIи гьесда тIадаб жо гьечIо.** Гьел аварагасда мутIигIлъичIин абун гьесие гIакъуба-къварилъиги букIуларо.

أَوَلَمۡ يَرَوۡاْ كَيۡفَ يُبۡدِئُ ٱللَّهُ ٱلۡخَلۡقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥٓۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٞ ١٩

**19. Жидеца ахираталда ва хварал тIаде рахъизариялда инкар кколел гIадамал кин балагьуларел** ва гьез пикру щай гьабулареб **Аллагьас ﷻ щибго жо гьечIеб бакIалдаса киндай халкъ бижун бугеб абун.**

Гьелъул пикру гьабун жидеца далилги бачизе **Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьел гIадамал цIидасанги рижизе кIолеб букIиналда. ХIакълъунго хун хадуб халкъ чIаго гьаби Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бигьаяб иш буго.**

**20. Гьел инкарчагIазда дуца абе Мухlаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**: нуж гьаб ракьалда тIад хьваде ва нужеца пикру гьабе киндай Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **махлукъат бижун бугеб абун.**

قُلۡ سِيرُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ فَٱنظُرُواْ كَيۡفَ بَدَأَ ٱلۡخَلۡقَۚ ثُمَّ ٱللَّهُ يُنشِئُ ٱلنَّشۡأَةَ ٱلۡأٓخِرَةَۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٢٠

ТIадегIанав Аллагьас цIакъ гIемерал ва батIи-батIиял хIайванал, рухIчIаголъаби, хIанчIи, чугIби рижун руго щибго жо букIинчIеб бакIалдаса. БатIи-батIиял гIадамалги рижун руго: жидер кьер батIиял, мацI батIиял, тIабигIат-гIамал батIиял.

Нуж балагье ццересел умматал жанир рукIарал, гьелги тIагIун чIунтун ругел росабазда. Гьедин балагьун, пикру гьабун, нужеда лъазе ккола ТIадегIанав Аллагь жиндир гуч бергьарав, къудрат камилав хан вукIин.

**Цинги Гьев Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **къиямасеб къоялъ цIидаса гIадамал рижизарула ва тIаде рахъизарула. ХIакълъунго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго кинабго жоялда хIалкIолъи бугев,** жиндие бокьарб жо бокьухъин гьабулев.

**21. ТIадегIанав Аллагьас жиндие бокьарв чиясе гIазаб гьабула ва жиндие бокьарасда гурхIел гьабун гьесда тIаса лъугьула.**

يُعَذِّبُ مَن يَشَآءُ وَيَرۡحَمُ مَن يَشَآءُۖ وَإِلَيۡهِ تُقۡلَبُونَ ٢١

**Гьев Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **руго къиямасеб къоялъ киналго гIадамал руссинеги.**

**22. Нуж гьечIо Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гIажиз гьавулеллъун,** гьесул гIазабалдаса рорчIулеллъун, **нуж зобалазда ругониги, ракьалда тIад ругониги. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гурев цоги нужее вали гьечIо,** жинца нужер умуразул тадбир гьабулев **ва нужее квербакъулев чиги гьечIо.**

وَمَآ أَنتُم بِمُعۡجِزِينَ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا فِي ٱلسَّمَآءِۖ وَمَا لَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِن وَلِيّٖ وَلَا نَصِيرٖ ٢٢

**23. Жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIаламатаздаги инкар кколел, ахираталда гьесда данде чIваялдаги божуларел гIадамал руго Дир рахIматалдаса жидер хьул къотIарал.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَلِقَآئِهِۦٓ أُوْلَٰٓئِكَ يَئِسُواْ مِن رَّحۡمَتِي وَأُوْلَٰٓئِكَ لَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ٢٣

**Гьезие ахираталда цIакъ гучаб гIазабги букIизе буго.**

فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِۦٓ إِلَّآ أَن قَالُوا۟ ٱقْتُلُوهُ أَوْ حَرِّقُوهُ فَأَنجَىٰهُ ٱللَّهُ مِنَ ٱلنَّارِ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٢٤﴾

**24.** Ибрагьим аварагас гьаб цебе бицараб хIалалъ дагIват гьабураб мехалъ, **гьесул къавмалъ кьураб жаваб букIинчIо, гьез аби гуреб: «Гьев Ибрагьим чIвае, яги гьев цIадавеги рехун вухIе»-абун.**

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ гьезул цIаялъ вухIиялдаса хвасар гьавуна. ХIакълъунго гьаб Ибрагьимил ва гьесул къавмалъул къисаялъулъги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев къуват-гуч бергьарав хан вукIиналда тIоритIел буго, жидеца иман лъолеб къавмалъе.**

Намрузица жинда аскIоре къазе кIолареб хIалалъ боркьараб кутакаб цIаги бакун, цинги ганчIил гIарадаялда жанивги лъун цIадаве рехарав Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ, щибго къварилъи ккечIого гьеб цIадаса къватIиве вачIин цIакъ кIудияб гIаламат буго, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб. Гьеб гIаламат бихьараб мехалъги жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъолареб къавмалъул купру-ширкги цIакъ гучаб буго, гьезие ахираталда бугеб гIазабги гьезул гIамалалда релълъараб букIизе буго.

وَقَالَ إِنَّمَا ٱتَّخَذْتُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ أَوْثَٰنًا مَّوَدَّةَ بَيْنِكُمْ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ ثُمَّ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ يَكْفُرُ بَعْضُكُم بِبَعْضٍ وَيَلْعَنُ بَعْضُكُم بَعْضًا وَمَأْوَىٰكُمُ ٱلنَّارُ وَمَا لَكُم مِّن نَّٰصِرِينَ ﴿٢٥﴾

**25. Ибрагьим аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ **жиндир къавмалда абуна: ХIакълъунго нужеца гьел хъанчал алагьзабилъун ккун гьезие лагълъи гьабулеб буго, нужер дунялалъул рукъоб цоцаздехун бугеб гьудуллъи ва рокьа-хинлъи цIунун, гьеб сабаблъун.**

Гьеб ширк гьаби буго нуж щибго ургъичIого, гьелъул пикру гьабичIого, ахираталда нужее букIунеб гIазабалъул к1вар гьечIого гьабулеб ахIмакъаб пиша. Нужеца цояз гьабулеб батараб жо цогидазги гьабулеб буго, гьеб жоялъул хIакъикъатги цIехолеб гьечIо.

**Цинги ахираталда щун, Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **цере чIезаридал ва гьениб нужее букIунеб гIазабги бихьидал, нуж цоял цоязда инкар ккун, цоцазе лагIнат кьун рукIизе руго.** Амма гьеб къоялъ нужер тавбо гьабиялъ ва нужеца алагьзабаздаса инкар кквеялъ нужее щибго пайда гьабуларо. **Гьеб къоялъ нуж киналго руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго ва нужее квербакъи гьабулев, нужедаса гIазаб нахъчIвалев**

**щивго чиги вукIизе гьечIо.**

﴿فَـَٔامَنَ لَهُۥ لُوطٌۘ وَقَالَ إِنِّي مُهَاجِرٌ إِلَىٰ رَبِّيٓۖ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ٢٦﴾

**26. Ибрагьим аварагасда** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **иман лъуна ЛутIица** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ**.** Гьев вукIана Ибрагьим аварагасул عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ вацасул вас ва гьесда иман лъуразул бищун цевесевги.

**Ибрагьимица** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **абуна: ХIакълъунго дица хъанчазе лагълъи гьабулеб къавм ва гьезул ватIан тана ва дун БетIергьан Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **вуссана, гьесул диналъе гIоло гьижра гьабун къватIивеги вахъанаян-абун.** ГIиракъалъул ракьалдаса вахъун Ибрагьим авараг عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ Шамалъул ракьалдехун ана, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ дин загьир гьабизе ва гьелда гIадамал ахIизе бокьун. Ибрагьимгун цадахъ Лут1 аварагги عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ ана добго Шамалъул ракьалдехун. **Гьев дир БетIергьан Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав ва хIукму битIарав хан.**

﴿وَوَهَبۡنَا لَهُۥٓ إِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ وَجَعَلۡنَا فِي ذُرِّيَّتِهِ ٱلنُّبُوَّةَ وَٱلۡكِتَٰبَ وَءَاتَيۡنَٰهُ أَجۡرَهُۥ فِي ٱلدُّنۡيَاۖ وَإِنَّهُۥ فِي ٱلۡأٓخِرَةِ لَمِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ٢٧﴾

**27. Дица Ибрагьим аварагасе** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **ИсхIакъ абун вас кьуна, гьесул вас ЯгIкъубги кьуна. Ибрагьимил** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **наслуялъулъ авараглъиги гьабуна, гьезда тIехьги рештIизабуна. Дунялалъул рукъобги дица Ибарагьимие** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **берцинаб ва лъикIаб ажро кьуна.** Киналго диназда жаниб гьев Ибарагьимие рецц гьаби, гьев къабул гьави буго. **ХIакълъунго ахираталъул рукъовги Ибарагьим авараг** عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ **бищунго лъикIал, жидер къадро-кьимат тIокIал муъминзабаздаса вукIизе вуго.** Ибрагьим аварагасдаса عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ хадур ругел киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ гьесул наслуялъул руго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рештIизарурал тIахьалги гьезда рештIизаруна. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир гьудуллъун ккурав ва киналго гIадамазе имамлъун гьавурав Ибрагьим аварагасе عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ гьаб цIакъ кIудияб нигIмат буго ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц1об-рахIматги буго.

﴿وَلُوطًا إِذۡ قَالَ لِقَوۡمِهِۦٓ إِنَّكُمۡ لَتَأۡتُونَ ٱلۡفَٰحِشَةَ مَا سَبَقَكُم بِهَا مِنۡ أَحَدٖ مِّنَ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢٨﴾

**28. Дуца дир расул ЛутIил къисаги бице умматалъе вагIзалъун. Гьес жиндир къавмалда абураб гIуж бице: «ХIакълъунго нуж руго цIакъго къабихIаб пиша гьабулел гIадамал. Гьединаб къабихIаб гIамал гьабичIо нужеда цере рукIарал цониги умматазул гIадамаз.**

﴿أَئِنَّكُمۡ لَتَأۡتُونَ ٱلرِّجَالَ وَتَقۡطَعُونَ ٱلسَّبِيلَ

**29. ХIакълъунго нужеца жимагI гьабулеб буго бихьиназда.** Гьеб гIамал

وَتَأْتُونَ فِي نَادِيكُمُ الْمُنكَرَ ۖ فَمَا كَانَ
جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَن قَالُوا ائْتِنَا بِعَذَابِ اللَّهِ
إِن كُنتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ﴿٢٩﴾

буго жегиги жиб гьабун рагIичIеб къабихIаб ва инжитаб гIамал.
**Нужеца гъачагълъи гьабун гIадамал чIвалел руго,**
гьезул боцIиги бахъулеб буго. Гьаб гIамалги буго дунялалда жинда данде бищунго кIудияб гIакъуба гьабизе исламияб диналда бихьизабураб квешаб гIамал. Гъачагълъи гьабурал гIадамазул кваранаб квер, квегIаб хIетIе къотIула, хадур гьел чIвала ва лъабго къоялъ гIадамазе рихьулеб бакIалда дализарун тола.
**Нужер годекIабахъ ва нуж данделъулеб бакIалдаги цIакъ мункарал, сурукъал пишаби гьарула нужеца.**
Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Гьезда аскIоса унел гIадамазда къабихIаб жо бицун гьезда тIад релъанхъулел рукIана, гьезда ганчIал речIулел рукIана. Жидер тIажу бичун гIаврат бихьизабулеб букIана. Цо-цазде бицулеб хабарги нич гьечIеб къабихIаб букIана. Жидер кIалалъ гьиштIулел рукIана, гьелда цадахъ нахъаса кьаял риччалел рукIанаян-абун.
**Гьеб къавмалъ ЛутIие кьураб жаваб букIинчIо жидеца аби гуреб: «Мун вачIаха дуца нижее къотIи гьабураб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабги бачун, мун битIараб жо бицунел гIадамадаса ватани»-абун.**

قَالَ رَبِّ انصُرْنِي عَلَى الْقَوْمِ الْمُفْسِدِينَ ﴿٣٠﴾

**30. ЛутI аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ! Дуца дие квербакъи гьабе гьаб жидеца пасалъи ва зулму гьабулеб къавмалда данде.**
Дуца гьел гьалаг гьаре. Гьез иман лъеялда хьул гьечIо ва гьез пасалъи-зулмуги толеб гьечIо»-абун.

وَلَمَّا جَاءَتْ رُسُلُنَا إِبْرَاهِيمَ بِالْبُشْرَىٰ
قَالُوا إِنَّا مُهْلِكُو أَهْلِ هَٰذِهِ الْقَرْيَةِ ۖ إِنَّ
أَهْلَهَا كَانُوا ظَالِمِينَ ﴿٣١﴾

**31. Ибрагьимида рохел бицун гьесухъе дир русулал рачIараб мехалъ,** дуе вас гьавизе вугин абун.
Гьел рукIана малаикзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ЛутIил къавм гьалаг гьаризе цере Ибарагьимихъе, хадур ЛутIихъе жал рачIарал. **Гьез абуна: «Нижеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун гьал ЛутIил къавмалъул росабазул агьлу гьалаг гьабизе буго. Гьел росабазул агьлу жидеца зулму ва пасалъи гьабулел руго»-абун.**

قَالَ إِنَّ فِيهَا لُوطًا ۚ قَالُوا نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَن
فِيهَا ۖ لَنُنَجِّيَنَّهُ وَأَهْلَهُ إِلَّا امْرَأَتَهُ
كَانَتْ مِنَ الْغَابِرِينَ ﴿٣٢﴾

**32. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «ХIакълъунго гьеб росолъ ЛутI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго гурищ?** Гьевгийищ нужеца гьалаг гьавизехъин вугев?»-абун.

**Малаикзабаца абуна: «Нижеда лъик1 лъала гьеб росолъ щал гIадамал ругеб.**
**Нижеца гьев ЛутIги, гьесул иман лъураб агьлуги гIазабалдаса хвасар гьаризе руго. Гьесул чIужу хутIизегIан. Гьей жал гьалаг гьарулезда гьоркьой йикIизе йиго»-абун.** Гьей пасикъаб къавмалда рекъарай, ЛутIие хиянат гьабулей йикIана.

وَلَمَّآ أَن جَآءَتۡ رُسُلُنَا لُوطٗا سِيٓءَ بِهِمۡ وَضَاقَ بِهِمۡ ذَرۡعٗاۖ وَقَالُواْ لَا تَخَفۡ وَلَا تَحۡزَنۡ إِنَّا مُنَجُّوكَ وَأَهۡلَكَ إِلَّا ٱمۡرَأَتَكَ كَانَتۡ مِنَ ٱلۡغَٰبِرِينَ ٣٣

**33. Цинги дир русулал ЛутIихъе** عليه السلام **рачIараб мехалъ, гьев цIакъ пашманлъана ва гьесул керенги къварилъана.**
ЦIакъ берцинаб гьумер бугел гIолохъабилъун гьел рихьидалго, жиндир къавмалъ гьезие къварилъи гьабиялда хIинкъана ЛутI.
Гьесул хIал бихьараб мехалъ **малаикзабаца абуна: Мун хIинкъуге ва мун пашманлъуге! Ниж руго Аллагьасул** جل جلاله **русулал. Х1акълъунго Нижеца мунги дур иман лъураб агьлуги хвасар гьабизе буго** гьаб квешаб къавмалъул зулмуялдаса ва гьезда рештIизабулеб гIазабалдаса, **цохIо дур капурай чIужу хутIизегIан. Гьей жал гьалаг гьарулеб къавмгун цадахъ хутIизе йиго»-абун.**

إِنَّا مُنزِلُونَ عَلَىٰٓ أَهۡلِ هَٰذِهِ ٱلۡقَرۡيَةِ رِجۡزٗا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ بِمَا كَانُواْ يَفۡسُقُونَ ٣٤

**34. Нижеца гьаб росдал агьлуялда тIаде рештIизабизе буго цIакъ квешаб гIазаб. Зодисан гьезда тIаде жужахIалъул цIаялъ роркьарал ганчIал речIчIизе руго,** гьезул росаби зодореги рорхун кIала гъокье сверизарун ракьалда рортизе риччан хадубги. **Гьеб гIазаб буго гьезул гIасилъиялда ва пасикълъиялда данде бугеб жазаъ.**
Гьезул росаби рукIараб бакIалда квешаб, махIцараб лъим жаниб бугеб хIор гьабуна, ахираталдаги гьезие цIакъ захIматаб ва гьел инжит гьарулеб гIазаб букIизе буго. Гьеб ЛутIил عليه السلام къавмалъул къисаги киналго умматазе вагIзалъун гьабуна къиямасеб къо щвезегIан.

وَلَقَد تَّرَكۡنَا مِنۡهَآ ءَايَةَۢ بَيِّنَةٗ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ٣٥

**35. Х1акълъунго Дица гьеб росдал бакIалда гьабураб махIцараб хIор ва чIунтарал минаби баянаб ва загьираб гIаламатлъун гьабуна, жидеца пикру гьабулел ва жидер г1акълу бугел гIадамазе.**

وَإِلَىٰ مَدۡيَنَ أَخَاهُمۡ شُعَيۡبٗا فَقَالَ يَٰقَوۡمِ

**36. Мадяналъул агьлоялдаги дица авараглъун вит1ана гьезулго вац**

ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَٱرۡجُواْ ٱلۡيَوۡمَ ٱلۡأٓخِرَ وَلَا تَعۡثَوۡاْ فِي ٱلۡأَرۡضِ مُفۡسِدِينَ ٣٦

**ШугIайб. Гьес абуна:**
**«Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв, жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ. Нужер хьулги лъе ахираталда букIине бугеб абадияб алжаналда. Нужеца гьаб ракьалда тIад пасилъи ва зулмуги гьабуге.**

فَكَذَّبُوهُ فَأَخَذَتۡهُمُ ٱلرَّجۡفَةُ فَأَصۡبَحُواْ فِي دَارِهِمۡ جَٰثِمِينَ ٣٧

**37. Гьеб къавмалъ ШугIайб авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьереси гьавуна, ва гьел ккуна гучаб гьаракьалъул ва ракь багъариялъул гIазабалъ.**
**Цинги гьел киналго жал рукIараб бакIалда гIодор ккун хвараллъун лъуна.** Ракь багъариялда цебе гучаб гьаракь рагIун гьезул ракIал хIинкъун, рихъун ана, хадуб ракь багъарун бихъ-бихъун ун, гьелги гьезул минабиги ракьгун журана ва ракьулъе ана.

وَعَادٗا وَثَمُودَاْ وَقَد تَّبَيَّنَ لَكُم مِّن مَّسَٰكِنِهِمۡۖ وَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيۡطَٰنُ أَعۡمَٰلَهُمۡ فَصَدَّهُمۡ عَنِ ٱلسَّبِيلِ وَكَانُواْ مُسۡتَبۡصِرِينَ ٣٨

**38. ГIадилазул ва самудиязул къавмалги гьалаг гьаруна дица. Х1акълъунго нужеда гьел къавмал рукIарал бакIал рихьула, я Маккаялъул агьлу!**
ХIижазалдаги, Яманалдаги руго гьезул росабазул ч1унтелал. Нужеца гьелъул пикру гьабиларищ ва гьелдаса вагIза босиларищ?
**Гьел къавмазе щайтIаналъ берцин бихьизабун букIана жидеца гьабулеб купру-ширк ва хIакъаб диналдаса гьел нахъеги чIвалел рукIана. Гьел гIадамал жидер гIакъло-лъай бугел, жидеда жо бичIулел, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе рес бугел рукIана.** Амма гьез жидер гIелму-гIакълу хIалтIизабичIо ва щайтIаналда нахърилълъун хьвадана.

وَقَٰرُونَ وَفِرۡعَوۡنَ وَهَٰمَٰنَۖ وَلَقَدۡ جَآءَهُم مُّوسَىٰ بِٱلۡبَيِّنَٰتِ فَٱسۡتَكۡبَرُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَمَا كَانُواْ سَٰبِقِينَ ٣٩

**39. Къарунги, пиргIавнги, Гьаманги гьалаг гьаруна дица. ХIакълъунго гьезухье Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вачIана баянал хIужабаздалъун ва загьирал мугIжизатаздалъун.**
**Амма гьелги, гьезул къавмалги чIухIана Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ иман лъезе, гьез ракьалда тIад гIамал кIодолъи ва пасалъи гьабуна. Гьел капурал ва пасикъал гIадамалги дир гIазабалдаса рорчIичIо.**

فَكُلًّا أَخَذۡنَا بِذَنۢبِهِۦۖ فَمِنۡهُم مَّنۡ أَرۡسَلۡنَا عَلَيۡهِ حَاصِبٗا وَمِنۡهُم مَّنۡ أَخَذَتۡهُ ٱلصَّيۡحَةُ

**40. Щивав чи дица ккуна жинца гьабураб мунагьалда релълъараб гIазабалдалъун. Гьездаса цоял руго**

وَمِنْهُم مَّنْ خَسَفْنَا بِهِ ٱلْأَرْضَ وَمِنْهُم مَّنْ أَغْرَقْنَا ۚ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَٰكِن كَانُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٤٠﴾

**дица жидеда тIаде зодисан ганчIал реч1чIарал. Гьездаса цогидал гучаб гьаракьалдалъун ккуна.**
**Цо гIадамал ракьалда жанир ккезаруна, цоял ралъдалъе ва тIупан тIун гьанкъизаруна. ТIадегIанав Аллагь вукIинчIо гьезул цонигиязе жинца зулму гьабулев. Кинниги гьел къавмал рукIана жидеца напсазе зулму гьабулеллъун.**

مَثَلُ ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَوْلِيَآءَ كَمَثَلِ ٱلْعَنكَبُوتِ ٱتَّخَذَتْ بَيْتًا ۖ وَإِنَّ أَوْهَنَ ٱلْبُيُوتِ لَبَيْتُ ٱلْعَنكَبُوتِ ۖ لَوْ كَانُوا۟ يَعْلَمُونَ ﴿٤١﴾

**41. Жидеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабиги тун, цоги вализаби кколал гIадамазул мисал буго, жинца хьухьараб кун рукълъун ккураб нусиречалъул мисал.**
**Х1акълъунго бищунго загIипаб ва мунпагIат гьечIеб жо буго гьеб нусиречалъ хьухьараб кун ва гьеб рукъ.** Гьадинаб заг1ипаб, щибго мунпаг1ат гьеч1еб жо буго мушрикаца хъанчазе ва цогидаб жоялъе гьабулеб лагълъи. **Гьаб амру гьадин букIин лъалебани гьел мушриказ жидерго квераз гьарурал хъанчазе лагълъи гьабилароан.** Нусиречалъул рукъ бихьарав ва гьелъул пикру гьабурав чиясда бич1чIула гьеб цIакъ загIипаб жо букIин. Инсанасул кIалалъ хIухьел пуниги тIун унел, тIеренал, загIипал куназ хьухьараб сетка букIула гьеб. Гьелда кIоларо цIорой яги хинлъи нахъчIвазе, цIад баниги, гьури пуниги гьеб тIутIун уна. Гьадинаб щибго жидее мунпагIат гьечIеб жоялъе лагълъи гьабулел руго хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамалги: жидеца гьел алагьзабилъун ва жидер амру т1убалел вализабилъун кколал. Хъанчазда релълъун рук1ула г1адамалги, гьез жидее кумек гьабилин абун гьезда хьул лъураб мехалъ ва гьезда ах1иги бараб мехалъ.

إِنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ مِن شَىْءٍ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٤٢﴾

**42. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьел мушриказ жидее гIибадат гьабулеб жо щиб бугебали.**
Гьесда щибго жо балъго хутIуларо ва гьезие ахираталда жазаъ гьабичIогоги толаро. **Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир пишабазулъ хIакимияв хан.**

وَتِلْكَ ٱلْأَمْثَٰلُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ ۖ وَمَا يَعْقِلُهَآ إِلَّا ٱلْعَٰلِمُونَ ﴿٤٣﴾

**43. Гьаб Къуръаналда жанир дица рицулел къисаби ва рачулел мисалал руго гIадамаз гьездаса вагIза ва гIакъло босизе ругел.**
**Гьел мисалал ричIч1унел гьечIо, гьезул вагIзаги лъугьулеб**

**гьечIо жидее Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIелму-лъай кьун, жал тIоритIарал муъминзабазе гурони.**

**44. ТIадегIанав Аллагьас зобалги ракьги бижун буго жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун.**

خَلَقَ ٱللَّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً لِّلْمُؤْمِنِينَ ﴿٤٤﴾

Гьеб гIададаго бижараб жо гьечIо, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цо хIикмат- пайда гьечIеб жо гьабуларо. **Гьеб зобал ракьал рижиялда жанирги гIемерал гIаламатал руго жидеца иман лъолел гIадамазе.**

Щибаб махлукъаталъулъ пикру гьабураб мехалъ, гьелда жаниб гIемераб гIажаибаб жо бихьула, инсанасул гIакъло нахъ регIулареб, гьесда гьабизе, ургъизе кIолареб. Гьеб махлукъаталъул камилаб бижи ва гIуцIи бихьарав, гьелъул пикру гьабурав чиясе Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал гIемер руго.

**45. Дуца умматалъе цIале МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Хирияб Къуръаналдаса дуда вахIю гьабураб жо. Гьеб Къуръан цIалиялда, гьелъул пикру гьабиялда тIад чIа мун.**

ٱتْلُ مَآ أُوحِىَ إِلَيْكَ مِنَ ٱلْكِتَٰبِ وَأَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَۖ إِنَّ ٱلصَّلَوٰةَ تَنْهَىٰ عَنِ ٱلْفَحْشَآءِ وَٱلْمُنكَرِۗ وَلَذِكْرُ ٱللَّهِ أَكْبَرُۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ ﴿٤٥﴾

**Паризаяб какги бай** гьелъул шурутIал тIуран, арканал камил гьарун, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун. **Х1акълъунго Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **балеб как буго жинца инсан къабихIаб жоялдаса нахъчIвалеб, гьев шаргIалда какараб жо гьабизе гьукъулеб.**

Унго-унго Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ ракIалда вукIун, гьесда цеве чIун, гьесие лагълъи гьабун, как балев чияс карагьатабги, хIарамабги, къабихIабги жо гьабуларо. Жинца гьабулеб жо щиб бугебцин лъаларого, гIадамаз гьабулеб жо гьабун, гьезда рельлъун вукIине гIоло как бай Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ как бай букIуларо ва гьединаб как баялъ гьев инсанасе щибго мунпагIатги гьабуларо.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIимранидаса ва ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жинца бараб какалъ жив къабихIаб ва мункараб жо гьабизе нахъчIваларев чиясе гьеб какалдалъун Аллагьасдаса* جَلَّجَلَالُهُ *жив рикIкIалъи гуреб хайир букIуларо»*-абун. Х1адис Ат1абараниияс бицана.

**Жинда Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **ракIалда вукIин ва Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **рехсей буго дунялалъул рукъоб цогидаб кинабго жоялдаса жиндир пайда кIудияб.** Как балеб мехалъги, хIалтIи- пиша гьабулеб мехалъги,

киналго хIалазулъ жиндир БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин, жив гьесул лагъ вукIин хал гьабун хьвади буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсеялъул магIна. Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ кIодолъиги, жиндир загIиплъиги хал гьабун, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гурхIел-цIобги, жиндир гьеcда хIажалъиги хал гьабун вукIин буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда вукIин. Гьаб рагIиялъул магIна гьабун цоги гIалимзабаца абуна:

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъ рехсей, гьесда амру нагью гьаби, гьес гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьаби лъикIаб буго лагъасда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда вукIиналдасагиян-абун. Гьаб кIиябго рагIиялъул хIасил буго: ТIадегIанав Аллагьас жиндир гурхIел-цIобалдалъун, иман-исламалда тIовитIиялдалъун лагъ рехсейги, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щукру гьабун, гьесул амру-нагью тIубан лагъ хьвадиги буго дунялалда тIад бищунго кIудияб нигIмат ва лъикIлъи.

**ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал** ва гьезие жазаъ гьабулевги вуго.

**46. Жидехъе тIехь кьурал гIадамал исламияб диналда ахIулеб мехалъ гьездехун берцинаб калам гьабун,** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал рицун, баянаб хIужа-далил бачун **ахIе.**

**Гьездаса нужедехун тушманлъи ккун рагъбалел ва нужее зулму гьабулезде** бегьула гьез гьабуралда релълъараб гIамал гьабизе. **Нужеца китабиязда абе: «Нижеца иман лъун буго нижеда рештIизабураб Къуръаналда ва нужеда рештIизабураб Инжилалдаги Тавраталдаги, нужерги нижерги БетIергьан цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго, гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, ниж гьесие мутIигIлъун руго»-абун.**

۞ وَلَا تُجَٰدِلُوٓاْ أَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ إِلَّا بِٱلَّتِي
هِيَ أَحۡسَنُ إِلَّا ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ مِنۡهُمۡۖ وَقُولُوٓاْ
ءَامَنَّا بِٱلَّذِيٓ أُنزِلَ إِلَيۡنَا وَأُنزِلَ إِلَيۡكُمۡ
وَإِلَٰهُنَا وَإِلَٰهُكُمۡ وَٰحِدٞ وَنَحۡنُ لَهُۥ
مُسۡلِمُونَ ٤٦

Абугьурайратица رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُ абуна: китабияб агьлоялъ Таврат цIалулеб букIана гIибранияб мацIалда ва гьелъул магIна гьабулеб букIана гIараб мацIалда. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца гьел китабиял ритIухъги гьаруге, гьересиги гьаруге. Нужеца гьезда абе нижеца иман лъун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижеда рештIизабураб жоялдаги нужеда рештIизабураб жоялдаги»* - абун. ХIадис имам Бухарияс бицана.

**47. Дудаса цере рукIарал аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рештIизабураб гIадинго дица дудаги тIехь рештIизабуна МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ.**

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلۡنَآ إِلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَۚ
فَٱلَّذِينَ ءَاتَيۡنَٰهُمُ ٱلۡكِتَٰبَ يُؤۡمِنُونَ
بِهِۦۖ وَمِنۡ هَٰٓؤُلَآءِ مَن يُؤۡمِنُ بِهِۦۚ وَمَا يَجۡحَدُ

**Жидехъе тIехь кьурал умматазул муъминзабаца духъе кьураб** بِـَٔايَٰتِنَآ إِلَّا ٱلۡكَٰفِرُونَ ﴿٤٧﴾

**КъуръаналдагииманлъолебБуго.ГьабМаккаялъулагьлуялдасаги руго жидеца Къуръаналда иман лъолел гIадамал. Гьеб Къуръаналдаги цогидал дир тIахьаздаги инкар кколаро жидеда гьеб хIакъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букIин лъараб мехалъги гьелда иман лъезе чIухIарал капурал гIадамаз гурони.**

**48. Гьаб Къуръан рештIизабилелде цебе дуца тIехь цIалулевлъун букIинчIо мун ва дур кверaлдалъун гьеб хъвалевлъунги букIинчIо.** وَمَا كُنتَ تَتۡلُواْ مِن قَبۡلِهِۦ مِن كِتَٰبٖ وَلَا تَخُطُّهُۥ بِيَمِينِكَۖ إِذٗا لَّٱرۡتَابَ ٱلۡمُبۡطِلُونَ ﴿٤٨﴾

**Гьедин мун хъвазе, цIализе лъалев вукIаравани** жидеца Къуръанги цогидаб хIакъаб жоги батIул гьабулел гIадамазе рес лъугьинаан гьеб Къуръан дуцаго хъвараб жо бугин абизе, цересел гIадамазул тIахьаздаса цIалун ва данде гьабун. **Цинги гьелги щакдарилаан дуца бицунеб жо бит1араб бук1иналда.**

Маккаялъул агьлуялда лъалеб букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца тIехь хъваларев ва цIалуларев вукIин. Гьединав умияв МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьезда гьелда релълъараб гьабизе кIолареб, пасихIаб, рагIи берцинаб, магIна гъваридаб Къуръанги босун гьезухъе вачIинго букIана аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бугеб бищунго кIудияб мугIжизат. Гьелда инкар ккурал гIадамалги рукIана жидеда гьеб хIакъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букIин лъалеб бугониги гьелда инкар ккун чIарал.

**49. Гьеб Къуръан буго жиндир аятал баянаб, жиб мугIжизат букIин загьираб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам. Жиб гIалимзабаца рекIехъе лъазабун цIунун букIулеб.** بَلۡ هُوَ ءَايَٰتُۢ بَيِّنَٰتٞ فِي صُدُورِ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَۚ وَمَا يَجۡحَدُ بِـَٔايَٰتِنَآ إِلَّا ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿٤٩﴾

**Гьел дир аятазда инкар ккун чIарал гIадамалги гьечIо жидеца цIакъго зулму гьабулел, жидер купру-ширкалъулъ гIорхъолъан рорчIарал гIадамал гурони.**

**50. Маккаялъул мушрикаца абуна: «Гьев МухIаммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жиндир БетIергьанас мугIжизат рештIизабун букIарабани»-абун.** وَقَالُواْ لَوۡلَآ أُنزِلَ عَلَيۡهِ ءَايَٰتٞ مِّن رَّبِّهِۦۖ قُلۡ إِنَّمَا ٱلۡأٓيَٰتُ عِندَ ٱللَّهِ وَإِنَّمَآ أَنَا۠ نَذِيرٞ مُّبِينٌ ﴿٥٠﴾

Муса аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гIанса гIадаб, СсалихI аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ варани гIадаб, ГIиса аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рештIизабураб тIутI гIадаб (Маидат, квен тIад бугеб тепси). **Дуца абе МухIаммад**

ﷺ, **«Х1акълъунго гьел мугIжизатал руго Аллагьасул ﷻ ихтиярaлда ругел, гьесие бокьаразе кьолел. Дун вуго нужеде витIарав авараг, нужее баянаб хIинкъи кьезе»-абун.**

أَوَلَمْ يَكْفِهِمْ أَنَّآ أَنزَلْنَا عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ يُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَرَحْمَةً وَذِكْرَىٰ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٥١﴾

**51. Гьел Маккаялъул мушриказе гIоларогунищ бугеб дица дуда хирияб Къуръан рештIизабун букIин, жидее гьеб цIалулеб.**

Гьелдаса кIудияб мугIжизат щиб гьезие къваригIун бугеб? Гьелда иман лъечIел, гьелда инкар ккурал мушриказ цоги щиб жоялда иман лъолеб?

Мушриказ «Мух1аммадида муг1жизат решт1изабулебани»-абураб рагIи буго жидерго ахIмакълъи бихьизабулеб рагIи. **Х1акълъунго гьеб Къуръаналда жаниб кIудияб рахIмат буго,** гьелдалъун жужахIалдаса гIадамал хвасар гьарулел ругелъул. **Иман лъезе бокьарал гIадамазе баянаб вагIза-насихIатги буго.**

قُلْ كَفَىٰ بِٱللَّهِ بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ شَهِيدًا ۖ يَعْلَمُ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۗ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِٱلْبَٰطِلِ وَكَفَرُوا۟ بِٱللَّهِ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿٥٢﴾

**52. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ, нужедаги дидаги гьоркьов нугIлъун живго ТIадегIанав Аллагь гIезе вуго. Гьев вуго жинда зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго жо лъалев.**

**Жидеца батIулаб жоялда иманги лъун**: Хъанчие лагълъиги гьабун щайтIаналда, гьава напсалда нахъги рилълъун, **Аллагьасда ﷻ инкарги ккун хьвадарал гIадамал,-гьал руго тIубанго чIорого хутIарал гIадамал.** Жидее ахираталъул щибго бутIа гьечIел, цохIо жужахIалъул гIазаб гуреб.

وَيَسْتَعْجِلُونَكَ بِٱلْعَذَابِ ۚ وَلَوْلَآ أَجَلٌ مُّسَمًّى لَّجَآءَهُمُ ٱلْعَذَابُ وَلَيَأْتِيَنَّهُم بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Гьел мушрикаца дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее хехго гIазабги бачун вачIаян абун.**

Мун махсароде гьавун, дуца бицунеб жо хIакъаб букIиналда божичIого абулеб буго мушриказ гьеб рагIи. Нижеда тIаде зодил къотIелал ртортизареха, яги гьенисан ганчIал ртортизаре абун. Гьезие гIазаб гьабизе **Аллагьас ﷻ къадар гьабураб заман букIинчIебани, гьезие гIазаб гьабилаан**. Амма Аллагьасул ﷻ амру гьезул тIалабалда рекъон хьвадуларо. **БичасхIаги, гьезухъе гIазаб бачIила тохлъукьего,** гьезда ракIалдаго гьечIеб мехалъ **ва жидеда гьеб гIазаб бачIунеб мехги лъазе гьечIо.** Гьелда дандчIвазе

гьел хIадурунги рукIизе гьечIо.

يَسۡتَعۡجِلُونَكَ بِٱلۡعَذَابِ وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيطَةُۢ بِٱلۡكَٰفِرِينَ ﴿٥٤﴾

**54. Гьел мушрикаца дудасан тIалаб гьабулеб буго мун гIазабги бачун хехго вачIа абун ва гьезда лъалеб гьечIо х1акълъунго къиямасеб къоялъул гIазаб гьел капурзабазда сверун лъугьун букIунеблъи ва гьезие рорчIизе, лъутизе бакI букIунареблъиги.**

يَوۡمَ يَغۡشَىٰهُمُ ٱلۡعَذَابُ مِن فَوۡقِهِمۡ وَمِن تَحۡتِ أَرۡجُلِهِمۡ وَيَقُولُ ذُوقُواْ مَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Гьеб къиямасеб къо буго гьезда бетIералда тIасаги, хIатIазда гъоркьанги ва киналго рахъаздасаги г1азаб сверун лъугьараб.**

**ТIадегIанав Аллагьас гьезда абула: «Гьанже чIаме нужеца дунялалда гьабула букIараб гIамалалъул жазаъ»-абун.** Аллагьасда ﷻ инкар кквейги, авараг гьереси гьавиги, муъминзаби гIодорегIан гьариги букIана нужер гIамал. Гьаб ахират букIиналдаги, гьаниб хIисаб-мизан ва алжан-жужахI букIиналдаги нужеца инкар кколеб букIана. Гьанже нуж абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ рукIа-абун.

يَٰعِبَادِيَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّ أَرۡضِي وَٰسِعَةٞ فَإِيَّٰيَ فَٱعۡبُدُونِ ﴿٥٦﴾

**56. Я Дида иман лъурал дир лагъзал! Дир ракь цIакъ гIатIидаб буго.**

Нужее Маккаялъул мушриказ къварилъи гьабулеб батани нуж гьижра гьабун гьенисан къватIире рахъа ва нужее къварилъи гьабулареб бакIалда а! **Нужеца гIибадатги цохIо Дие гьабе!** Гьеб гIибадат гьабиялъулъ щибго жо гIахьалги гьабуге!.

كُلُّ نَفۡسٖ ذَآئِقَةُ ٱلۡمَوۡتِۖ ثُمَّ إِلَيۡنَا تُرۡجَعُونَ ﴿٥٧﴾

**57. Кинабго напс буго жинца хвел чIамизе бугеб, ва ахираталда киналго дида руссизаризе руго.**

Гьаб амру гьадин бугелъул нужеда кидаго Аллагь ﷻ кIочIон тоге, гьесие гIибадатги гьабе, гьесда гIасилъизеги хIинкъа.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَنُبَوِّئَنَّهُم مِّنَ ٱلۡجَنَّةِ غُرَفٗا تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَاۚ نِعۡمَ أَجۡرُ ٱلۡعَٰمِلِينَ ﴿٥٨﴾

**58. Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзабазе дица алжаналда жаниб гьел руссунеб ва чIолеб бакI гьабила рорхатал кIалгIаби: жидеда гьоркьан нигIматазул лъарал чвахулел. Абадиялъго рукIинелъун гьенир жанирги лъугьизарила. Гьаб бугоха цIакъ лъикIаб ажро, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе.**

ٱلَّذِينَ صَبَرُواْ وَعَلَىٰ رَبِّهِمۡ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٥٩﴾

**59.** Гьал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи жидее щварал гIадамал руго **жидеца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIибадат гьабиялда тIад чIун сабро гьабурал, гьижра гьабиялъул ва мушриказул къварилъиялъул захIмалъи хIехьонги сабро гьабурал гIадамал. Кинабго амруялъулъ Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **таваккал тIамунги рукIулел.** Гьаб кIиго сипат буго муъминзабазул бищунго лъикIал сипатал. <u>Саброги таваккалги</u> бугев чиясул цогидал лъикIал сипаталги рукIула. Гьесул гьабулеб гIамалги гIакъло бугеб букIула.

وَكَأَيِّن مِّن دَآبَّةٖ لَّا تَحۡمِلُ رِزۡقَهَا ٱللَّهُ يَرۡزُقُهَا وَإِيَّاكُمۡۚ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ﴿٦٠﴾

**60. Чан бугеб ракьалда тIад хьвадулеб рухIчIаголъи, жинца ризкъи цадахъ босулареб** ва гьеб ризкъи тIалаб гьабизе жиндир хIалги кIолареб.

**ТIадегIанав Аллагьас кьола гьелъие ризкъи, нужееги жинца ризкъи кьолеб гIадин. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинда нужер рагIи рагIулев ва нужер хIал лъалев.**

Гьаб аяталда жаниб далил буго инсанасе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ризкъи кьезе букIиналда щиб ракьалда гьев вугониги. Гьаб аят рештIине гьабуна муъминзабазул ракI парахат гьабун. Гьижра гьабиялъул амру гьезда тIаде бачIараб мехалъ жидер ватIан гуреб бакIалда кин жидеца яшав гьабилеб абун гьезул ракIал къварилъун лъугьиндал, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие мисал бачана гIисинал рухIчIаголъабазул: Жидер щибго гьунар гьечIел ризкъи тIалаб гьабизе, гьедин бугониги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жал хьихьун ругел.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: мушриказ гIемерго къварид гьарураб мехалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас муъминзабазда амру гьабуна гьижра гьабун Маккаялдаса къватIире аян-абун. Мадинаялъул ракьалда а нуж ва капураб, залимаб къавмалда аскIор чIогеян абуна. Хириял асхIабзабаца абуна: «Нижер гьениб рукъги гьечIо, ракьги гьечIо. Нижее квенги, лъимги кьезе нижер гIагарал гIадамал, гьобол гьудулги гьечIо. Нижеца кин гьениб яшав гьабилеб?»-абун. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аят рештIине гьабуна (60 аб. аят).

Жиндир диналъе зарал бугеб ракьалдаса нахъе ине ва гьеб дин загьир гьабизе рес бугеб бакIалда гIумру гьабизе тIадаб буго бусурбабазда. Дунялалъул ризкъи тIалаб гьабун бусурбабазул ракьги жибго тун капурзабазда гьоркьор чIезе унел гIадамал руго жидеца динги бичун дунял босарал гIадамазда релъльун. Гьез тIалаб гьабулеб буго жидеего ризкъи бигьаго щолеб бакI ва амма гьезда кIочон толеб буго жал ризкъи

тӏалаб гьабизе рижун гьечӏеблъи. Гьезие ризкъи кьезе Аллагьас ﷻ тӏаде босун буго. Гьезда тӏад къан буго Аллагьасе ﷻ гӏибадат гьаби, Аллагь ﷻ разилъи тӏалаб гьаби, ахираталда алжан щолеб гӏамал гьаби. Аллагьас ﷻ жидеда тӏад къараб ва жидеда тӏамун тараб амруги гӏодоб тун, гьеб тӏубазабичӏого ва гьелъул кӏварги гьабичӏого, Аллагьас ﷻ жинда тӏаде босун бугеб ризкъи тӏалаб гьабизе яхӏ бахъи муъминзабазул сипат гьечӏо.

Ибнукасирил тафсиралда жаниб буго, гӏалимзабазул цояс бицана: Чӏегӏер гъедоялъ тӏанчӏи рахъулеб мехалъ хоноялда жаниса тӏинчӏ къватӏибе бачӏуна хъахӏаб рас тӏад бугеблъун. Гьел хъахӏал тӏанчӏи жидер гьечӏо абун, жидер тӏанчӏи чӏегӏераб хӏули тӏад бугел рукӏине кколин абун тӏанчӏазул эбел-эменлъун ругел гъудул жидер тӏанчӏи цӏехон роржанхъулел рукӏуна. Гьезул тӏанчӏи гьакӏкӏан кӏалалгун кваназе жоялда хӏажалъун ругеб мехалъ гьезда тӏаде руссуна гӏисинал рухӏчӏаголъаби: кӏкӏара ва машкара. Гьел рухӏчӏаголъабиги кванан жидер хъахӏаб рас тӏаса ун чӏегӏераб хӏули бижизегӏан тӏанчӏиги рукӏуна, гьезда тӏаде роржун рачӏун, цингиги гьел жидер тӏанчӏи гьечӏо абун нахъе ун гьезул эбел-эменги рукӏуна.

Гьаб буго Аллагьас ﷻ жиндир махлукъ хьихьиялъул цо мисал. Гьеб мисалалда жаниб Аллагьасул ﷻ хӏал кӏолъиги, гьесул махлукъаталъул гӏажаибал жал рицинги буго. Аллагьасда ﷻ иман лъезе бокьарав чиясе пикру гьабизе гӏезегӏанго гӏемерал гӏаламатал ва хӏужжабиги руго.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ فَأَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ﴿٦١﴾

**61. Дуца гьел инкарчагӏазда гьикъани Мухӏаммад ﷺ: щивха вугев гьал зобалги ракьги жинца бижарав, бакьги моцӏги жинца квегъарав абун.**
**Гьез дуда абизе буго Аллагь ﷻ вуго абун.** Гьезие цоги жаваб кьезе рес гьечӏо. **Гьаб иш гьадин букӏингун цадахъ гьел Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие гӏибадат бацӏцӏад гьабиялдаса кинха руссун чӏолел?.**

اللَّهُ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ وَيَقْدِرُ لَهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٦٢﴾

**62. Тӏадегӏанав Аллагь вуго жиндие бокьарал лагъзадерие гӏатӏидго ризкъи кьолев. Жиндие бокьаразе ризкъи дагь гьабунги кьола.**

Гьеб буго лагъзадерил хӏалбихьи гьаби. Ризкъи гӏатӏид гьабула гьел гӏадамаз щукру гьабуладай абун хӏалбихьи гьабун. Ризкъи къварид гьабула (дагь гьабула) гьез сабро гьабуладай абун хӏалбихьун. **Хӏакълъунго Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго.** Ва жинца гьабулеб жоялда

жаниб хIикмат-пайда бугев, гьелъул маслахIат лъалев вуго.

**63. Дуца гьел мушриказда гьикъани МухIаммад ﷺ: щивха вугев жинца зодисан цIадги рештIине гьабун, гьелдалъун хвараб ракь чIаго гьабулев абун, гьез дуда абизе буго Аллагь ﷻ вуго абун.**

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّن نَّزَّلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَحْيَا بِهِ الْأَرْضَ مِن بَعْدِ مَوْتِهَا لَيَقُولُنَّ اللَّهُ ۚ قُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿٦٣﴾

**Дуца гьезда абе: кинабго рецц ва щукру Аллагьасе ﷻ буго, жинца хIакъаб жо загьир гьабулев, инкарчагIиги мукIур гьарулев-абун. Гьел мушриказул гIемерисел жидер гIакъло гьечIел, жидеца пикру гьабуларел руго.** Гьел мукIурлъулел руго жал рижарав, жидее ризкъи кьолев хан цохIо Аллагь ﷻ вукIиналда, цингиги гьев Аллагьасда ﷻ цадахъ ккун, яги Аллагьги ﷻ живго тун цоги алагьзабазе буго жидеца лагълъи гьабулеб. Гьеб гьечIишха ахIмакълъиялъул гIорхъолъан ин?.

**64. Гьаб дунялалъул чIаголъи гьечIо гIададисеб махсаро-хвечI гIадаб жо гурони**. Дагьабго заманаялдаса жиб тIаса унеб, жиб даимлъулареб, жиб цIакъ хисардулеб жо буго.

وَمَا هَٰذِهِ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا لَهْوٌ وَلَعِبٌ ۚ وَإِنَّ الدَّارَ الْآخِرَةَ لَهِيَ الْحَيَوَانُ ۚ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ﴿٦٤﴾

**ХIакъикъияб чIаголъи буго ахираталъул рукъ.** Жиб тIаса унареб, абадияб бугелъул гьеб ахираталъул рукъ. **Гьаб амру гьадин букIин гIадамазда лъалеб букIарабани ва гьеб бич1чIулеб букIарабани, гьез жиб хIакъираб дунял тIаса бищизе букIинчIо ва абадияб ахират кIочон тезе букIинчIо.**

**65. Аллагьасда инкар ккурал мушрикал гамида рекIун ралъадалда тIад ругеб мехалъ** ва гьениб жидее хIинкъи-къварилъиги ккараб мехалъ, **гьез ахIи балеб буго цохIо Аллагьасда ﷻ ва гьесда гьарулеб буго** къварилъи т1аса босеян абун, ва гъанкъиялдаса цIуне абун. Гьезда лъалеб букIиналъе гIоло гьеб жо гьабизе кIолев цохIо Аллагь ﷻ гурого гьечIеблъи. **Цинги Аллагьас ﷻ гьеб къварилъиялдаса жал хвасар гьарун ракъдаде щвараб мехалъ цIидаса гьез Аллагьасде ﷻ ширк гьабулеб буго.**

فَإِذَا رَكِبُوا فِي الْفُلْكِ دَعَوُا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ فَلَمَّا نَجَّاهُمْ إِلَى الْبَرِّ إِذَا هُمْ يُشْرِكُونَ ﴿٦٥﴾

**66. Жидеца инкар ккве абе дир нигIматазда ва жидеца дагьабго мехалъ дунялалъул чIаголъиялдаса мунпагIат босе абе.**

لِيَكْفُرُوا بِمَا آتَيْنَاهُمْ وَلِيَتَمَتَّعُوا ۖ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٦٦﴾

**Амма жидеда нахъа лъазе буго ва бихьизе буго кинаб гучаб гIазаб дица гьезие гьабулебали.**

أَوَلَمْ يَرَوْاْ أَنَّا جَعَلْنَا حَرَمًا ءَامِنًا وَيُتَخَطَّفُ ٱلنَّاسُ مِنْ حَوْلِهِمْۚ أَفَبِٱلْبَٰطِلِ يُؤْمِنُونَ وَبِنِعْمَةِ ٱللَّهِ يَكْفُرُونَ ﴿٦٧﴾

**67. Гьел Маккаялъул мушриказда бихьулеб гьечIищ ва лъалеб гьечIищ дица жидее Макка гьабун букIин жиндилъ божилъи бугеб шагьарлъун.** Жинда жаниб би гIодоб тIолареб, зулму гьабулареб, боцIи кодосан бахъулареб. **Гьезда сверухъ ругел гIарабиялги ругеб мехалъ цояз цоязе зулму гьабулел ва цояз цогидал чIвалел. ХIакъав Аллагьасул кIудиял нигIматазда инкарги ккун, батIулаб жоялда иманги лъун хъанчазе лагълъи гьабунищха гьел рукIинел?** Гьеб буго цIакъ ахIмакъаб иш. Гьеб буго жидер чIухIиялъул ва гIамал кIодолъиялъул гIаламат.

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِٱلْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُۥٓۚ أَلَيْسَ فِى جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْكَٰفِرِينَ ﴿٦٨﴾

**68. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIунтIизабун гьереси бицунев чиясдаса, яги жиндихъе бачIараб хIакъаб жоги гьереси гьабулев?**
Хирияб Къуръанги гьереси гьабун жидеца хъанчие лагълъи гьабулел гIадамал руго цIакъ зулму кIудиял гIадамал. **Гьал гIадамазул руссунеб бакI жужахIалда жаниб гьечIишха?**

وَٱلَّذِينَ جَٰهَدُواْ فِينَا لَنَهْدِيَنَّهُمْ سُبُلَنَاۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَمَعَ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٦٩﴾

**69. Дун разилъи тIалаб гьабун ва дир дин тIадегIан гьабун жидеца жигьад гьабулел гIадамал дица тIоритIизе руго дун разилъи щолел нухазда.**
Гьеб жигьад гьаби жиндирго напсалдехун букIула, щайтIаналдаги букIула, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъул тушбабилъун ругел капурзабаздаги букIула.

Гьеб жигьад гьаби жиндир напсалдалъун букIула. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло, гьеб цIунун ва гьеб тIадегIан гьабун рухI бичи буго напсалдалъун жигьад гьаби. Жиндир боцIи-малалдалъунги, гIелмуялдалъунги, жиндир мацIалдалъунги букIула жигьад гьаби. Гьеб жигьадалъул бищун загIипаб макъам буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулареб жоялда ракIалъ инкар гьаби.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жидеца лъикIлъи гьабулел гIадамалгун цадахъ вуго.** Гьезие квербакъулев ва гьезул хIажат тIубалев вуго.

Жидеца лъикIлъи гьабулел гIадамал руго жидеда лъараб лъик1аб жо цогидаздаги лъазабулел. Гьединго жидеца лъикIлъи гьабулел руго

жидеда аман гьарун вачIарав чиясул хIажат тIубалел гIадамалги.
Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасдаса бицараб хабаралъулъ буго: ихIсан гьаби (лъиклъи гьаби) буго дуе квешлъи гьабурав чиясе дуца лъикIлъи гьаби. Дуе лъикIлъи гьабурав чиясе лъикIлъи гьаби ихIсан гьечIоян-абун.
Цоги хабаралда буго: жинда лъараб гIелмуялда рекъон гIамал гьабурав чиясда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесда лъалареб г1елмуги лъазабулин абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги лъикIаб гIамал гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул ГIанкабуталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 30. Сурату Ррум

سُورَةُ الرُّومِ

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб лъабкъого аят бугеб.*

*Гьаб сурат буго жинца исламияб диналъул гIакъида баян гьабулеб, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьариялда ахIулеб. Ахират букIиналъул ва гьениб хIисаб-мизан гьабизе букIинги жинца бицулеб. Сураталъул бай бихьиялда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул мугIжизатлъун бугеб Румазул аскарал Персазул аскараздаса гIагараб заманаялъ бергьизе рукIин бицун буго ва гьеб аварагас صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бицухъ ккезеги ккана.*

*Хадуб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къокъалъун бугеб муъминзабазда гьоркьобги щайтIаналъул къокъалъун бугеб капурзабазда гьоркьобги бугеб даимабго рагъалъул бицунеб буго. Гьеб рагъ жиб лъугьулареб ва жиндие ахир гьечIеб буго хIакъабги батIулабги жо ракьалда тIад бугебгIан мехалъ. Ахир-къадги хIакъаб жо бергьизе букIин бицун, гьелъие далилал рачун руго.*

*Къиямасеб къоялъул хабарги буго, гьениб капурзабазул букIунеб захIматаб ва хIинкъараб хIал бицун буго, муъминзабазе алжаналда ругел нигIматалги рицун руго.*

*Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда, гьесул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел махлукъаталда жанир ругел цо-цо гIаламатазулги бицен гьабун буго. Сураталъул ахиралда Къурайшиязул капурал гIадамазул хIал баян гьабун буго: жидеца вагIза босуларел, Къуръаналъги жидее мунпагIат гьабуларел, мугIжизатазулги жидеца пикру гьабуларел.*

*Сураталда цIар лъун буго Румазул сурат абун, гьаб сураталъул аваралда гьел Румазулги Персазулги рагъалъул хабар бицун бугелъул.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Алиф. Лам. Мим.** الٓمٓ ①
ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьал хIурупаздалъун бугеб.

**2. Румал къана ва гьезул аскарал рихххизаруна,** غُلِبَتِ الرُّومُ ②

**3. Румазда гIагарда бугеб ракьалда. Амма гьел Румал Персаз жал къезарун** فِي أَدْنَى الْأَرْضِ وَهُم مِّن بَعْدِ غَلَبِهِمْ

سَيَغْلِبُونَ ۝٣
فِي بِضْعِ سِنِينَ ۗ لِلَّهِ الْأَمْرُ مِن قَبْلُ وَمِنْ
بَعْدُ ۚ وَيَوْمَئِذٍ يَفْرَحُ الْمُؤْمِنُونَ ۝٤

**хаду, Персаздаса бергьизе руго**

**4. дагьалго соназдаса:** лъабгоялдаса ичIгоялда щвезегIан гьоркьор ругел соназда жаниб.

**ТIадегIанав Аллагьасул амру ва хIукму къадар буго гьел Румал бергьилелде цебе букIараб ва гьел бергьун хадуб бугебги.** Гьеб кинабго иш Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бихьун ва лъан лъугьараб буго. **Гьел Румал Персаздаса бергьараб мехалъ муъминзабиги роххизе руго.** Румал къараб мехалъ мушрикал роххун рукIараб гIадин.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Румаздаги Персаздасаги гьоркьоб рагъ букIана. Гьеб рагъулъ Румал къанилан рагIиндал Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва муъминзаби цIакъ пашманлъана, Маккаялъул мушрикал гьеб хабар рагIараб мехалъ роххана. Гьелъие гIиллаги букIана Румал китабиял рукIин, гьел мажусияллъун ругел (цIадуе лагълъи гьабулел) Персаздаса къараб мехалъ, мушрикал рохана. Муъминзаби пашманлъана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеда т1ехь рештIизабурал Румал мажусияздаса къеялдалъун.

Мушрикаца асхIабзабаздаги абуна, нижер вацал мажусиял нужер вацал Румаздаса бергьана, ниж нужедасаги бергьизе ругоян-абун. Абубакр رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ асхIабас абуна нижедасаги бергьун нуж рохизе гьечIин-абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIизабуна: «Гьел Румал къун рукIун хадуб гьел бергьине руго дагьалго соназдаса»-абун. Гьаб аят рештIизабун хадуб анкьго сон араб мехалъ цIидаса Румал ва Персал цоцазде рагьизе рахъана ва гьеб рагъулъ Персал къана. Гьелдалъун муъминзабиги рохана.

Гьаб аяталъ нугIлъи гьабуна хирияб Къуръан аварагасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бугеб мугIжизат букIиналда. Гьеб Къуръаналъ бицараб жо хIакълъун киназдаго бихьана. Гьеб балъгояб ва рикIкIадаб жо лъазе ресги букIуларо цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гурони. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Гьел Румал Персаздаса бергьараб къо данде ккана Бадроялда муъминзаби мушриказдаса бергьараб къоялда. Гьеб букIана цIадуе ва хъанчие лагълъи гьабулел гIадамазул талихI къараб къо»-абун.

بِنَصْرِ اللَّهِ ۚ يَنصُرُ مَن يَشَاءُ ۖ وَهُوَ
الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ۝٥

5. Гьеб къоялъ муъминзаби рохизе руго **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **квербакъиялдалъун. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **квербакъула жиндие бокьарал гIадамазе.**

**Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел**

**г1емерав хан.** Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъараздаса цим босизе гучав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Гьев разиял муъминзабазе гурхIел гьабулевги вуго.

وَعۡدَ ٱللَّهِۖ لَا يُخۡلِفُ ٱللَّهُ وَعۡدَهُۥ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ
ٱلنَّاسِ لَا يَعۡلَمُونَ ٦

**6. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **къотIи буго** муъминзабазе квербакъи гьабилин абураб. **Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир къотIуе хилиплъуларев вуго. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел гьаб жо жидеда лъаларел руго** ва жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун гьесул амру-нагью тIобан, гьесие гIибадат гьабун хьвадуларел руго.

يَعۡلَمُونَ ظَٰهِرٗا مِّنَ ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَهُمۡ عَنِ
ٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ غَٰفِلُونَ ٧

**7. Гьел гIадамазда лъалеб буго жидер дунялалъул чIаголъиялъе гьабизе кколеб гIамал ва гьелъул маслахIат.** Гьезда лъалеб буго жидер хур бекьулеб заман, гьеб бакIарулеб заман, даран-базар гьабулеб хIал, боцIи хьихьулеб къагIида ва цогидабги жидер магIишат-яшав гьабизе хIажатал ишал. **Ва амма гьел жидер ахираталъул амруялъулъ цIакъ гъапулго руго.** Гьез щибго пикру гьабулеб гьечIо ахираталъе гьабизе кколеб гIамалалъул.

Пахру Рази абулев гIалимас бицана: ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Гьел гIадамазда жидер дунялалъул чIаголъиялъул загьираб рахъ лъалеб бугоян»- абун. Гьелъул магIна буго: «Гьезда дунялалъул хIакъикъат лъалеб гьечIоян»- абураб. Гьезда лъалеб буго дунялалъул лазат, гьелъул нигIматал, гьениб бугеб рекIелгъей. Амма гьезда лъалеб гьечIо гьеб дунялалъул зарал, гьелъул хиянат, гьелъ гуккулеблъи. Гьезда лъалеб буго дунял жакъа букIин, амма гьезда лъалеб гьечIо дунял жиб паналъулеб букIин. Гьаб амру гьадин бугелъул, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсан кантIизе бокьун, гьесие мисал бачун зобал-ракьал рижиялъул хабар бицунеб буго ва жинца абулеб буго:

أَوَلَمۡ يَتَفَكَّرُواْ فِيٓ أَنفُسِهِمۗ مَّا خَلَقَ ٱللَّهُ
ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَآ إِلَّا بِٱلۡحَقِّ
وَأَجَلٖ مُّسَمّٗىۗ وَإِنَّ كَثِيرٗا مِّنَ ٱلنَّاسِ
بِلِقَآيِٕ رَبِّهِمۡ لَكَٰفِرُونَ ٨

**8. Гьел гIадамаз пикру гьабуларищ гьезул напсазазулъ ругел Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатазул.**
**ТIадегIанав Аллагьас зобалги ракьги ва гьезда жаниб бугеб щинаб жоги бижичIо жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун гурони.** ГIададаго бижун гьечIо, гьеб бижиялда жаниб хIикмат-пайда буго. **Ва гьеб кинабго жоялъе бихьизабураб заманги буго.**

Дунялалъул рокъобго жиндир ажал тIобалеб буго гIемерисеб жо. Ахирабги ажал къиямасеб къо чIезегIан буго. Гьеб къоялда щвезегIан цебехун букIараб жо жиндие ахир бугеб буго. Къиямасеб къо чIун хадуб нахъе хутIулеб жо абадиялъго жиб бук1улеб буго. **Х1акълъунго гIадамазул гIемерисел жидеца ахираталда иман лъоларел, гьенир Аллагьасда ﷻ дандчIвазе рукIиналда** ва жидее хIисаб-мизан гьабизе букIиналда **инкар кколел руго.**

أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ كَانُوا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَأَثَارُوا الْأَرْضَ وَعَمَرُوهَا أَكْثَرَ مِمَّا عَمَرُوهَا وَجَاءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِالْبَيِّنَاتِ فَمَا كَانَ اللَّهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٩﴾

9. Аллагьасдаги ﷻ ахиратaлдаги иман лъоларел гIадамал **ракьалда тIад жидер сапаразулъ хьвадуларищ? Гьезда бихьуларищ кин ккараблъи жидеда церехун рукIарал, Аллагьасда ﷻ гIасилъарал къавмазул ахир, гьел къавмал гьал Маккаялъул мушриказдаса къуватал рукIана. Гьез ракьалда тIад гIемер заманги бана, гIемерал шагьаралги гIуцIана. Гьал мушрикаца гьабуралдаса цIакъго гIемераб магIишат-яшавги гьабуна,** бечелъи-хазинаги бакIарана. **Гьезухъеги аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рачIана баянал гIаламаталгун ва мугIжизаталгун.** Аллагьасда ﷻ ва гьесул расуласда мутIигIлъичIеб мехалъ, жидеца ракьалда пасалъиги гьабураб мехалъ, Аллагьас ﷻ гьел гьалаг гьаруна.

**Аллагь ﷻ вук1инч1о гьезие зулму гьабуравлъун. Гьел жалго рукIана жидерго напсазе зулму гьабулеллъун.** Жидер гIамалалда рекъараб жазаъ гьабуна Аллагьас ﷻ гьезие гьеб жазаъ гьабиялда зулму гьаби абуларо. Гьез жидер напсал гIазаб гьабиялъе хIакъ гьаридалго, гьел гIадамал ккана жидеего зулму гьабураллъун.

ثُمَّ كَانَ عَاقِبَةَ الَّذِينَ أَسَاءُوا السُّوأَىٰ أَن كَذَّبُوا بِآيَاتِ اللَّهِ وَكَانُوا بِهَا يَسْتَهْزِئُونَ ﴿١٠﴾

**10. Цинги гьал купру-ширкалда чIун Аллагьасда ﷻ гIасилъарал гIадамазул ахир букIана гьезие цIакъ квешаб гIазаб гьаби.**

ЖужахIалъул гIазаб буго гьеб. Гьеб гIазаб гьабиялъе гьел хIакълъана **жидеца Аллагьасул ﷻ аятал гьереси гьарулел ва махсароде гьарулел рукIиндал.**

اللَّهُ يَبْدَأُ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿١١﴾

**11. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца кинабго жо авалалда бижарав ва гьеб бижи цIидасан гьабулевги.**

**ЧIаго гьарун хадур нуж киналго Аллагьасде ﷻ руссизарула**

хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе.

وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ يُبْلِسُ ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿١٢﴾

**12. Гьеб къиямасеб къо чIараб мехалъ** ва хIисаб-мизаналъе цереги рачараб мехалъ,
**Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун мунагьал гьарурал гIадамазул кIалмацI багъаруларо,** гьезда кIалъазе кIоларо жидер гIамалалъе хIужадалил бачун. **Гьезул хьулги къотIула жидеда гурхIел гьабиялдаса.**

وَلَمْ يَكُن لَّهُم مِّن شُرَكَآئِهِمْ شُفَعَٰٓؤُا۟ وَكَانُوا۟ بِشُرَكَآئِهِمْ كَٰفِرِينَ ﴿١٣﴾

**13. Гьеб къоялъ жидеца лагъли гьабурал алагьзабаз гьезие шапагIатги гьабуларо.**
**Жидеца ширк гьабурал ва жидедехун ширк гьабуралги гьеб къоялъ цо-цаздаса ратIалъула ва гьез цоцазде инкар ккола.**

وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَتَفَرَّقُونَ ﴿١٤﴾

**14. Гьеб къиямасеб къо чIараб мехалъ муъминзабиги капурзабиги цоцаздаса ратIалъула.**
Ва гьезул кIиго батIияб къокъа лъугьула. Цоял алжаналде унел, цогидал жужахIалде унел.

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَهُمْ فِى رَوْضَةٍ يُحْبَرُونَ ﴿١٥﴾

**15. Амма Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва ахираталда иманги лъун, жидеда витIарав аварагасдаги** ﷺ **мутIигIлъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби алжаналъул нигIматазулъ рукIула.**

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَلِقَآئِ ٱلْءَاخِرَةِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ فِى ٱلْعَذَابِ مُحْضَرُونَ ﴿١٦﴾

**16. Амма Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал, дир тIахьалги ахираталда дида данде чIвайги гьереси гьабурал ва гьелда инкар ккурал гIадамал жужахIалъул гIазабалъулъ рукIизе руго** ва гьениса кидаго къватIиреги рахъизе гьечIо.

فَسُبْحَٰنَ ٱللَّهِ حِينَ تُمْسُونَ وَحِينَ تُصْبِحُونَ ﴿١٧﴾

**17. Нужеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вацIцIад гьаве ва тIадегIан гьаве,**
мушриказ гьесдехун гIунтIизарулел гьесие мукъсанлъи бугел сипатаздаса **радал тIад рахъараб мехальги, къаси сордо бачIараб мехальги.**

وَلَهُ ٱلْحَمْدُ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَعَشِيًّا وَحِينَ تُظْهِرُونَ ﴿١٨﴾

**18. Гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **буго кинабго рецц ва щукру зобалазул агьлуялъул ва ракьалъул агьлуялъулги.**
**Къаси сардилъ гьабе нужеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ

тасбихI. **Къалъул гIужалъги гьабе.** Гьаб кIиябго аяталъул магIна буго: нужеца кидаго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вацIцIад гьаве ва ТIадегIан гьаве. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго зобалазулги ракьалъулги агьлуялъ жиндие рецц гьабизе мустахIикъав ва жинца гIибадат гьабизе тавпикъ гьабулев.

يُخْرِجُ ٱلْحَيَّ مِنَ ٱلْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ ٱلْمَيِّتَ مِنَ ٱلْحَيِّ وَيُحْيِ ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ وَكَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ﴿١٩﴾

**19. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца хвараб жоялдаса чIагояб жо гьабулев** капурчиясул муъминчи гьавулев. **Жинца чIагояб жоялдаса хвараб жоги гьабулев.** Муъминчиясул капурчиги гьавулев.

Жинца манидал къатIраялдаса инсан вижулев, гьев инсанасдаса къватIибе манидал къатIраги бачIизабулев. Мугьалдаса хур бижизабулев, хурги бижизабун, гьелдаса мугь гьабулев. **Жинца хун букIараб ракь чIаго гьабулевги вуго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ. Бакъвараб, тIаде хур-хер гьечIеб ракьалда хур- хер бижизабулев. **Гьаб кинабго жо жинца бижулеб гIадин, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж хун хадур тIадеги рахъизарула,** хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦٓ أَنْ خَلَقَكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ إِذَآ أَنتُم بَشَرٌ تَنتَشِرُونَ ﴿٢٠﴾

**20.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев жинца жо бижулев ва жиндир къуватгуч камилав вукIиналда тIоритIел гьабулел **гIаламатаздаса буго, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж ракьалдаса рижи.**

Нужер тIоцевесев эмен Адам ракьалдаса вижун. **Цинги хадур нуж гIадамаллъун гьаруна цоял цояздаса рижулел ва тIиритIулел.**

Манидал къатIараялдаса бидул къотIел лъугьун, цинги гьанал къотIел лъугьун, цинги инсанасул сипат-сурат лъугьун. Гьелдасаги хадур кIудиял гIун гIакъло-лъай бугел лъугьун. Зобал-ракьалги инсанасе квегъун, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб дунялалъул ханзабилъун ва халипабилъун гьарун.

Щивав инсан жинда хасаб тIабигIат-гIамалгун, сипат-суратгун вижана Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Щивав инсанасул гIакълу-лъай, бечелъи-мискинлъи батIияб гьабуна. ЛъикIал-квешал гьаруна, бахьибугел, бахьикъосарал гьаруна. Гьаб дунялалда тIад ругел миллионал гIадамал цояв цоясда релълъарав гьечIого рижин ва щивасе хасаб хIукму-къадарги букIин, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялъул цIакъ кIудияб гIаламат буго, гьаб кинабго халкъ жиндаса бижин бай бихьараб жо ракьул гIерекъ букIиналда балагьараб мехалъ. Гьединго гIажаибаб жо буго ахирги гьеб кинабго халкъ ракьалде буссунеб букIин.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦٓ أَنْ خَلَقَ لَكُم مِّنْ أَنفُسِكُمْ أَزْوَٰجًا لِّتَسْكُنُوٓا۟ إِلَيْهَا وَجَعَلَ بَيْنَكُم

**21.** ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел **гIаламатаздаса буго гьес нужее руччаби**

مَّوَدَّةً وَرَحْمَةً إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢١﴾

**рижун рукIин, нужерго жинсалдаса.** ХIава эбел йижана Адамил хьабалухъа гIучIалдаса, цинги хадусеб насло гьел кIияздасаго бижана. **Нуж гьел руччабаздехун рак1 парахалъун, гьелгун цадахъ хIал рекъон рукIизе.** Бихьинчиясе чIужулъун жундузул гIадан гьаюн йикIарабани, гьел кIияздаго гьоркьоб камилаб х1ал рекъей ва рокьа-хинлъи букIилароан. КIиго батIияб аслуялдасан бижараб жоялъул хIал рекъей ва дандеккей камилаб букIизе рес гьечIо.

**Аллагьас ﷻ нужеда гьоркьоб цоцадехун гурхIел гьабуна ва рокьа-хинлъиги гьабуна.** Аллагьас ﷻ инсанасул рекIелъ гьаб гурхIел ва рокьа-хинлъиги бижун букIинчIебани, цо жинсалдаса ругониги бихьинал ва ручаби цоцазда аскIор чIолел, рос-лъадилъун рукIулел рукIилароан. **Х1акълъунго гьаб рехсараб жоялъульги Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда ва гьев жив цогояв Халикъ вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго, жидеца пикру гьабулел ва жидеда жо бичIулел гIадамазе.**

وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافُ أَلْسِنَتِكُمْ وَأَلْوَانِكُمْ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّلْعَالِمِينَ ﴿٢٢﴾

**22. Гьединго Гьев Аллагьасул ﷻ гIаламатаздаса буго жинца зобал ракьал рижи ва нужер щибаб къокъаялъ бицулеб мацI батIияб гьаби, нужер кьер батIияб гьабиги.**

**Х1акълъунго Гьаб рехсараб жоялъульги руго гIаламатал жидеца Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел жидеда жо лъалел, жидер гIакъло пикру бугел гIадамазе.**

وَمِنْ آيَاتِهِ مَنَامُكُم بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَابْتِغَاؤُكُم مِّن فَضْلِهِ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَسْمَعُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Гьединго Гьев Аллагьасул ﷻ гIаламатаздаса буго нуж сардилъги, къадги кьижулеллъун гьари.** Гьеб макьу букIинчIебани нужер чорхол сахлъи хвелаан, нужер тадбирги биххилаан. **Гьединго нуж ризкъи тIалаб гьабулеллъунги гьаруна Аллагьас ﷻ. Х1акълъунго Гьаб рехсараб жоялъульги тIоритIел гьаби буго Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда, жидеда жо рагIулел гIадамазе.**

وَمِنْ آيَاتِهِ يُرِيكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَطَمَعًا وَيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَيُحْيِي بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Гьединго Аллагьасул ﷻ** хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел **гIаламатаздаса буго нужеда пири пирхи** ва зоб гъугъай **бихьизаби.**

**Гьелдалъун нуж хIинкъизе гьарула нужее гIазаб гьабиялдаса, нуж роххизеги**

**гьарула цIад бан нужее хур-хер бижилин абун. Аллагьас ﷻ зодиса цIадги рештIизабула ва гьелдалъун жиб хвараблъун бугеб, бакъвараб ракь чIаго гьабула, хур-хер бижизабун. Х1акълъунго Гьаб рехсараб ишалъулъги буго Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал, жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел ва гIибрат (г1акълу) босулел гIадамазе.**

وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦٓ أَن تَقُومَ ٱلسَّمَآءُ وَٱلْأَرْضُ بِأَمْرِهِۦ ۚ ثُمَّ إِذَا دَعَاكُمْ دَعْوَةً مِّنَ ٱلْأَرْضِ إِذَآ أَنتُمْ تَخْرُجُونَ ﴿٢٥﴾

**25. Ва гьединго Гьев Аллагьасул ﷻ гIаламатаздаса буго гьал зобал-ракьал жидер гIадлу-низамалда даимго чIун рукIин, гьев Аллагьасул ﷻ амруялдалъун, гьесул хIукму-къадаралдалъун.**

**Цинги къиямасеб къоялъ нуж чIаго гьарун ракьулъан тIаде рахъаян ахIараб мехъалъ, нуж цIакъ хехго тIаде рахъулелги руго.** Гьеб буго Исрапил малаикас тIаде рахъизариялъе ссур пулеб заман. Гьеб ссур пураб мехалъ дунял бижаралдаса бай бихьун гьеб паналъизегIан рижарал киналго гIадамал тIаде рахъизарула ва гIарасат майданалда (махIшаралда) ракIарун гьенир чIезарула хIисаб-мизан гьабизе.

وَلَهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ كُلٌّ لَّهُۥ قَٰنِتُونَ ﴿٢٦﴾

**26. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал-ракьалги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги.**

**Гьеб махлукъат Аллагьасе ﷻ мутIигIаб, гьесие хIелун ва гьесдаса хIинкъун букIунебги буго.**

وَهُوَ ٱلَّذِى يَبْدَؤُا۟ ٱلْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ وَهُوَ أَهْوَنُ عَلَيْهِ ۚ وَلَهُ ٱلْمَثَلُ ٱلْأَعْلَىٰ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٢٧﴾

**27. Гьев БетIергьан Аллагь ﷻ вуго жинца кинабго жо байбихьун бижулев, цинги ахираталдаги чIаго гьарун рижулев.**

**Цин бижун букIараб жо кIиабизе бижи бигьаяб букIула Аллагьасе ﷻ.**

ТIадегIанав Аллагьасе щибго батIалъи гьечIо авалалдаго бижиялдаги, хадуб цIидаса бижиялдаги гьоркьоб: Жиндир хIалтIи гьечIо, гьесда бихьулеб захIмат гьечIо. Жиндие цо жо гьабизе бокьарб мехалъ гьеб жо гьабун лъугьуна жиндие бокьиялдалъун. Гьеб гьабуларо гьесул лугби рагьарун Гьаб рагIи абуна нилъер гIакълоялда рекъезе гьабун, нилъеда бич1ч1улеб мац1алъ.

**Гьев Аллагьасул ﷻ тIадегIанал сипатал руго, зобал-ракьазул агьлоялъ гьесие гьарулел.** Гьесда релълъараб щибго жо гьечIо, гьесие тIобараб сипат гьабизе инсанасда кIоларо. «Аллагь ТIадегIанав

вуго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вацIцIадав вуго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гуч бергьарав вугоян»-сипат гьабула Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ, амма гьеб тIадегIанлъиялъул ва цогидал сипатазул гIорхъи чIезабизе кIоларо инсанасда. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие бокьараб жо гьабизе къуват гуч бугев, жинца гьабулеб жоялда жаниб хIикмат-пайда букIулев.**

**28. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее мисал бачулеб буго нужерго напсазул мисал бачиялдалъун: нужер лагъзадеридаса нужее гIахьалчагIи ругишха, дица нужее кьураб ризкъи ва нигIматал нужеца гьезие бикьун кьолел. Гьеб ризкъи нужеца гьезулгун бащад гьабулел ва нуж гьездасаги хIинкъулел, цогиял хIуриял (узденал) гIадамаздаса хIинкъулеб хIалалъ.**

ضَرَبَ لَكُم مَّثَلًا مِّنْ أَنفُسِكُمْ هَل
لَّكُم مِّن مَّا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُم مِّن
شُرَكَاءَ فِي مَا رَزَقْنَاكُمْ فَأَنتُمْ فِيهِ
سَوَاءٌ تَخَافُونَهُمْ كَخِيفَتِكُمْ أَنفُسَكُمْ
كَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ﴿٢٨﴾

ГьечIо нужер лагъзал нужее гIахьалчагIилъун, гьездаса нужги хIинкъуларо, гьезие нужеца щибго жоги кьоларо. ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ милк ва лагъзал руго кинабго махлукъ. Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ живгун цадахъ жиндир лагъзал гIахьал гьарилишха, нужеца гьаруларeб мехалъ?

**Гьадин мисал бачун Дица баян гьарула Дир аятал ва гIаламатал жидеда жо лъалел ва бичIулел гIадамазе**, гьез вагIза босизе ва пикро гьабизе.

**29.** Гьел мушриказе щибго гIилла ва гIузру гьечIо жидеца ширк гьабиялъе. **Гьел руго жидерго напсалъе бокьараб жоялда нахърилълъун ругел гIадамал, жидеца гьабулеб жо щиб бугебцин жидедаги лъаларел.**

بَلِ اتَّبَعَ الَّذِينَ ظَلَمُوا أَهْوَاءَهُم بِغَيْرِ عِلْمٍ
فَمَن يَهْدِي مَنْ أَضَلَّ اللَّهُ وَمَا لَهُم مِّن
نَّاصِرِينَ ﴿٢٩﴾

Жидер умумуз гьабулеб батараб дин гьабулел руго гьелги. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир къосиналда тарав чи тIовитIизе лъидаха кIолев? Гьел мушриказе квербакъулев чиги вукIуларо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалъе гьел хIакълъараб мехалъ.**

**30. Дуца дур напс цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ дин гьабиялде буссизабе ва гьелда тIад чIезабе.** Кинабго батIулаб динги жибго тун цохIо исламияб дин гьабе. **Исламияб дин буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ киналго гIадамал гьеб диналда рижараб.**

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا فِطْرَتَ اللَّهِ
الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ اللَّهِ
ذَٰلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾

Гьелъул аслоги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави буго. **Гьеб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруги жиб хисизабулареб буго.** Гьедин бугелъул нужеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьаве ва исламияб диналда хьваде. Гьеб жиндилъ щибго захIмалъи гьечIеб амру буго. **Гьеб буго жиб битIараб ва хIакъаб дин. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел гьеб амру жидеда лъаларел руго.**

*مُنِيبِينَ إِلَيْهِ وَٱتَّقُوهُ وَأَقِيمُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَلَا تَكُونُواْ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٣١﴾

31. Гьеб исламияб диналда чIа нуж, **тавбо гьабун, тIагIат гIибадат бацIцIад гьабун, Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **руссун ругеб хIалалъ.**

**Нуж гьев Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **гIасилъизеги хIинкъа, паризаяб какги бай ва нуж рукIунге жидеца ширк гьабулел гIадамаздаса.**

مِنَ ٱلَّذِينَ فَرَّقُواْ دِينَهُمْ وَكَانُواْ شِيَعًا كُلُّ حِزْبٍ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُونَ ﴿٣٢﴾

**32. ХIакъаб исламияб динги тун, батIи-батIиял къокъаби гьарун, Аллагьасдехун ширк гьабулел гIадамал руго гьел.**

ЩайтIаналъ гуккарал, жидер гьава-напсалда нахърилълъарал. Ва щибаб къокъа жиндир дин битIараб бугин абун, гьелъул рахъккун цоцазде къацандулел руго. **Щибаб къокъа жидеца гьабулеб диналдалъун роххунги рукIунел руго.** Щибаб жамагIат ва щибаб къокъа жидеца гьабулеб дин гурони къабул гьабуларел руго.

وَإِذَا مَسَّ ٱلنَّاسَ ضُرٌّ دَعَوْاْ رَبَّهُم مُّنِيبِينَ إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَآ أَذَاقَهُم مِّنْهُ رَحْمَةً إِذَا فَرِيقٌ مِّنْهُم بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُونَ ﴿٣٣﴾

**33. ГIадамазда цо къварилъи щвараб мехалъ гьез Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **балеб буго ахIи, гьесие хIелун ва гьесда хьуллъун.**

Унта-шокълъи бугониги, ракъи-къеч бугониги, мискинлъи-пакъирлъи бугониги щвараб мехалъ гьезда лъалеб буго гьеб къварилъи жидедаса борхулев цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурони гьечIеблъи. **Цинги гьеб къварилъиги тIаса ун жидее нигIматал кьураб мехалъ, гьел гIадамазул цо къокъаялъ Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **ширк гьабулеб буго.**

Гьал мушриказе хIинкъи кьун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

لِيَكْفُرُواْ بِمَآ ءَاتَيْنَٰهُمْ فَتَمَتَّعُواْ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٣٤﴾

**34. Гьез дир нигIматазда инкар ккве абе ва дунялалъул дагьабго заманаялъ мунпагIатги босе абе.**

**Нужеда нахъа лъазе буго нужеца гьабураб ширкалъул кинаб гIазаб ва къварилъи нужеда щолеблъи.**

ИбнухатIибица абуна: гьел гIадамал рижарав Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ вукIаго, гьез гIибадат Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бижараб махлукъалъе гьабулеб буго. Гьезие нигIматал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьолел руго, гьез щукру Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев цоги жоялъе гьабулеб буго. Гьеб ширк абулеб жо гIемер батIияб хIалалъ

загьирлъулеб жо буго ва гьелъие гIорхъи чIвазеги захIмат буго.

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев цоги жоялъе лагълъи гьаби бищунго кIудияб ширк буго. Гьелдаса хадуб ширкалъул гIемерал тайпаби руго, инсан гьезда кантIичIого вукIине бегьулел. Масала: тушманасда тIад рагъулъ бергьенлъи босараб мехалъ ва гьеб бергьенлъи жидер къуваталдалъун щванин абун ракIалда ккани,- гьеб жо ширк буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ квербакъиялдалъун гурони бергьенлъи букIуларо. Даранчиясе хайир лъугьани ва гьеб хайир жиндир махшелалдалъун лъугьанин абун ракIалде ккани, гьебги ширк буго, жиндие ризкъи кьурав Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гьабураб.

Цо пиша гьабулев чи (махщелчи, устар) гьеб ишалъулъ лебаллъани ва гьеб жиндир гьунар бугин ва жиндир гIакъло-лъаялдалъун бугин абун ракIалде ккани, гьебги ширк буго, жинда жо малъарав ва жиндие тавпикъ кьурав Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гьабураб. Гьадинаб балъгояб ширкалдаса цIуне мун, я гьав инсан! Нужеда цере рукIарал умматал гьалаглъиялъе сабаб букIана гьединаб балъгояб ширк. ХIакълъунго Аллагьас абун буго: «Гьезул гIемерисез Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабулеб гьечIо, гьесдехун ширк гьабун гурони»-абун.

أَمۡ أَنزَلۡنَا عَلَيۡهِمۡ سُلۡطَٰنٗا فَهُوَ يَتَكَلَّمُ بِمَا كَانُواْ بِهِۦ يُشۡرِكُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Гьел мушриказда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан хIужжа-далил рештIунищ бугеб, гьез гьабулеб ширк битIараб дин бугилан жинца бицунеб?.**

РештIичIо гьезда хIужжа. Гьез гьабулеб дин батIулаб жо буго.

وَإِذَآ أَذَقۡنَا ٱلنَّاسَ رَحۡمَةٗ فَرِحُواْ بِهَاۖ وَإِن تُصِبۡهُمۡ سَيِّئَةُۢ بِمَا قَدَّمَتۡ أَيۡدِيهِمۡ إِذَا هُمۡ يَقۡنَطُونَ ﴿٣٦﴾

**36. Дица гIадамазе лъикIлъи гьабураб мехалъ**: нигIматал кьун, сахлъи кьун, **гьел роххулел руго. Гьез гьабураб квешаб гIамал сабаблъун жидеда цо къварилъи щвараб мехалъ гьезул хьул къотIулеб буго Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахIматалдаса.**

Гьаб муъминзабазул гIамал гьечIо. Муъминзабаца нигIматал кьураб мехалъ щукру гьабула, къварилъи бачIараб мехалъ саброги гьабула.

أَوَلَمۡ يَرَوۡاْ أَنَّ ٱللَّهَ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ وَيَقۡدِرُۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّقَوۡمٖ يُؤۡمِنُونَ ﴿٣٧﴾

**37. Гьел мушриказда лъаларогойищ бугеб ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вукIин жинца нигIматал кьолев. Жиндие бокьарасе гIемер гьарун гIатIид гьарун кьола, жиндие бокьарасе къварид гьарун кьола. ХIакълъунго гьаб цебе бицараб жоялда жанибги жидеца иман лъолел гIадамазе аятал ва хIужжаби руго, жидеца Аллагьасул**

جَلَّجَلَالُهُ **хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел.**

فَـَٔاتِ ذَا ٱلْقُرْبَىٰ حَقَّهُۥ وَٱلْمِسْكِينَ وَٱبْنَ ٱلسَّبِيلِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ لِّلَّذِينَ يُرِيدُونَ وَجْهَ ٱللَّهِ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ﴿٣٨﴾

**38. Дуца дур гIагарав чиясе кьезе кколеб хIакъ кье!** Гьесие лъикIлъи гьабе, гьесдехун гурхIел гьабе ва хIал рекъезабе. **Гьединго дуца хIакъ кье мискинчиясеги, сапаралда вугев чиясеги.**

**Гьаб гIамал буго жидее Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **разилъи бокьарал гIадамазе лъикIаб, ва гьел руго жидер лъикIлъиялда кверщел батулелги.**

وَمَآ ءَاتَيْتُم مِّن رِّبًا لِّيَرْبُوَا۟ فِىٓ أَمْوَٰلِ ٱلنَّاسِ فَلَا يَرْبُوا۟ عِندَ ٱللَّهِ ۖ وَمَآ ءَاتَيْتُم مِّن زَكَوٰةٍ تُرِيدُونَ وَجْهَ ٱللَّهِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُضْعِفُونَ ﴿٣٩﴾

**39. Нужеца риба босизелъун гIадамазухъе кьолеб жо ва гьелдалъун нужер боцIи-мал гIемерлъиялда хьулги лъолеб,- гьеб жо Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **аскIоб жиб гIемерлъулеб ва лъикIаб гьечIо.**
Гьеб буго хъубаб боцIи, гьелъулъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ баракат гьабуларо. **Нужеца закат бахъун, Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **разилъи тIалаб гьабун кьолеб ва садакъаде кьолеб боцIи буго лъикIаб. Гьал гIадамал руго жидее ажро-кири цIикIкIизабулел ва жидеда Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **разилъулел.**

ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَكُمْ ثُمَّ رَزَقَكُمْ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيكُمْ ۖ هَلْ مِن شُرَكَآئِكُم مَّن يَفْعَلُ مِن ذَٰلِكُم مِّن شَىْءٍ ۚ سُبْحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٤٠﴾

**40. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж рижарав, цинги нужее ризкъиги кьолев. Хадур нуж хвезеги гьарула Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ**, ахираталда чIаго гьарун тIадеги рахъизарула.**
**Нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазул цонигияв вугишха гьал рехсарал ишазул цониги жо жинда гьабизе кIолев?** ГьечIо гьеб жо гьабизе кIолев щивниги чи. **Жив ТIадегIанав ва вацIцIадав вуго Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьел мушрикаца жинда гIунтIизе гьарулел сипатаздаса.**

ظَهَرَ ٱلْفَسَادُ فِى ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ بِمَا كَسَبَتْ أَيْدِى ٱلنَّاسِ لِيُذِيقَهُم بَعْضَ ٱلَّذِى عَمِلُوا۟ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٤١﴾

**41. ГIадамаз гьарулел гIасилъаби ва зулмаби гIемерлъиялдалъун ракьалдаги ралъдадаги пасалъи ва гIазаб загьирлъана,- гьел гIадамазда чIамизабизе гьез гьарурал гIасилъабазул цо-цо жазаъ.**
**Гьел кантIизе бокьун ва квешаб гIамал гьаби тун, лъикIаб гIамал гьабиялда гьел руссизе бокьун.**

Ибнукасирица абуна: цӀцӀад къотӀиги ах-хур бижунгутӀиги гӀадамазул гӀасилъи цӀикӀиналдалъун букӀула. Зобал-ракьазул амру лъикӀлъула ракьалда ругел гӀадамал Аллагьасе ﷻ мутӀигӀлъараб мехалъ-абун.

قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلُ ۚ كَانَ أَكْثَرُهُم مُّشْرِكِينَ ﴿٤٢﴾

**42. Дуца Маккаялъул мушриказда абе МухӀаммад ﷺ: нуж ракьалда тӀад хьваде ва нужеца пикру гьабе нужеда цере рукӀарал умматазул ахир кинабдай кканаян-абун.**

Аллагьас ﷻ гьел гьалаг гьаруна. **Гьел умматазул гӀемерисел жидеца Аллагьасде ﷻ ширк гьабулел рукӀана.**

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ الْقَيِّمِ مِن قَبْلِ أَن يَأْتِيَ يَوْمٌ لَّا مَرَدَّ لَهُ مِنَ اللَّهِ ۖ يَوْمَئِذٍ يَصَّدَّعُونَ ﴿٤٣﴾

**43. Дуца дур гьумер ва черх чӀезабе МухӀаммад ﷺ, Аллагьасе ﷻ гьабизе хӀакъаб исламияб дин гьабиялда, жиндие нахъбуссин гьечӀеб, жиндир хӀинкъи кӀудияб къиямасеб къо бачӀилелде цебе. Гьеб къоялъ гӀадамал кӀийиде рикьун рукӀула:** цо къокъа алжаналда уна, цогияб къокъа жужахӀалда уна.

مَن كَفَرَ فَعَلَيْهِ كُفْرُهُ ۖ وَمَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِأَنفُسِهِمْ يَمْهَدُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гӀадамазе гьеб инкаралъул гӀазаб ва балагь жидеего букӀизе буго.**

**Иманги лъун лъикӀаб гӀамал гьабун хьвадулел гӀадамал, ахираталда жидее лъикӀаб рукъ къачӀалел гӀадамал руго.**

لِيَجْزِيَ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ مِن فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьел муъминзабазе ТӀадегӀанав Аллагьас лъикӀаб жазаъ гьабизе буго жиндир цӀоб-рахӀматалдалъун.**

**ХӀакълъунго гьесие рокьуларо жидеца Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги инкар кколел гӀадамал.**

وَمِنْ آيَاتِهِ أَن يُرْسِلَ الرِّيَاحَ مُبَشِّرَاتٍ وَلِيُذِيقَكُم مِّن رَّحْمَتِهِ وَلِتَجْرِيَ الْفُلْكُ بِأَمْرِهِ وَلِتَبْتَغُوا مِن فَضْلِهِ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٤٦﴾

**46. ТӀадегӀанав Аллагьасул гӀаламатаздаса буго гьес гьурал ритӀиги: жидеца цӀад баялдалъун ва хур-хер бижиялдалъун рохел бицулел. Гьелдалъун жинца нужее рахӀматлъун бугеб цӀадги кьезе.** хвараб ракь чӀаголъулеб ва гӀадамазе нигӀматалги рижунеб. **Гьеб гьуриялдалъун ралъдада гумулги хьвадизаризе жиндир амруялдалъун. Нужеца сапаралда ун Аллагьасул ﷻ ризкъи тӀалаб гьабизе. Ва Аллагьасул ﷻ гӀемерал ва кӀудиял**

**нигIматазда данде гьесие щукруги гьабизе.**

**47. Х1акълъунго Дица дудаса цереги жидер къавмазда аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **ритIана МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**. Гьел расулал гьезухъе баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун рачIана.**

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ رُسُلًا إِلَىٰ قَوْمِهِمْ
فَجَآءُوهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَٱنتَقَمْنَا مِنَ ٱلَّذِينَ أَجْرَمُوا۟ ۖ
وَكَانَ حَقًّا عَلَيْنَا نَصْرُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٤٧

Гьез дир аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарураб мехалъ, **дица гьел капурзабаздаса рецIел босана. Дида рекъарабги буго Дица Дида т1ад гьабураб х1акъги буго, муъминзабазе квербакъи гьабизе.** Ва дида инкар ккурал гIадамаздаса рецIел босизе.

**48. ТIадегIанав Аллагь вуго** нужер БетIергьан ва нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав хан, **Жинца гьурал ритIулев, гьел гьураздалъун накIкIалги хьвадизарулев.**

ٱللَّهُ ٱلَّذِى يُرْسِلُ ٱلرِّيَٰحَ فَتُثِيرُ سَحَابًا فَيَبْسُطُهُۥ
فِى ٱلسَّمَآءِ كَيْفَ يَشَآءُ وَيَجْعَلُهُۥ كِسَفًا فَتَرَى
ٱلْوَدْقَ يَخْرُجُ مِنْ خِلَٰلِهِۦ ۖ فَإِذَآ أَصَابَ بِهِۦ مَن
يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦٓ إِذَا هُمْ يَسْتَبْشِرُونَ ٤٨

**Гьел накIкIалги зобалазда жиндиего бокьараб хIалалъ ва бокьараб бакIалда тIиритIизарулев. Гьел тIутIурал къотIелаллъунги гьарулев. Цинги дуда бихьула гьел накIкIазда гьоркьоса чвахун балеб цIад. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **бокьарал гIадамазул цо къокъаялда гьеб цIад щвараб мехалъ, дуда гьелги рихьула жал цIакъ роххараллъун.**

**49. Гьел гIадамал жидеда цIад балелде цереккун гьеб цIад баялдаса хьул къотIун рукIана.**

وَإِن كَانُوا۟ مِن قَبْلِ أَن يُنَزَّلَ عَلَيْهِم مِّن قَبْلِهِۦ
لَمُبْلِسِينَ ٤٩

ЦIад бачIого гIемер замана ун букIун.

**50. Мун валагьеха, я гьав гIакъло бугев инсан,** пикру гьабиялъул валагьиялдалъун: **гьеб цIад баялдалъун загьирлъулеб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахIматалъул асаралда.**

فَٱنظُرْ إِلَىٰٓ ءَاثَٰرِ رَحْمَتِ ٱللَّهِ كَيْفَ يُحْىِ
ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَآ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ لَمُحْىِ
ٱلْمَوْتَىٰ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ٥٠

**Кин гьелъ хун, бакъван букIараб ракь чIаго гьабулеб бугеб абун. Х1акълъунго, гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца хварал гIадамал чIаго гьарулевги. Ва Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи гIамлъарав.** Гьев гIажиз гьавулеб щибго жо гьечIо.

**51. Дица гьезул хур-хералда тIаде гьелъие зарал гьабулеб гьури биччан букIарабани ва гьезда лъилъизе мех**

وَلَئِنْ أَرْسَلْنَا رِيحًا فَرَأَوْهُ مُصْفَرًّا لَّظَلُّوا۟ مِنۢ
بَعْدِهِۦ يَكْفُرُونَ ٥١

**щвараб хур тIогьиллъун, бакъван унеблъун бихьарабани,**

**цингиги гьез инкар кквезе букIана Аллагьас ﷻ жидее кьун рукIарал нигIматазда.**

Гьел капурал гIадамазул гIамал буго гьезие лъикIлъи гьабуни жал роххулеб, щукру гьабулареб роххиялдалъун. Жидеда къварилъи бачIани пашманлъулеб ва жидее кьун рукIарал киналго нигIматалги кIочолеб.

فَإِنَّكَ لَا تُسْمِعُ الْمَوْتَىٰ وَلَا تُسْمِعُ الصُّمَّ الدُّعَاءَ إِذَا وَلَّوْا مُدْبِرِينَ ﴿٥٢﴾

**52. ХIакълъунго дуда кIоларо МухIаммад ﷺ, хварал гIадамазда жо рагIизабизе.**

**Гьединго дуда кIоларо гIинкъав чиясда рагIизабизеги гьев чи дуда мугъ бан, дудаса вуссун чIараб мехалъ.**

وَمَا أَنتَ بِهَادِ الْعُمْيِ عَن ضَلَالَتِهِمْ ۖ إِن تُسْمِعُ إِلَّا مَن يُؤْمِنُ بِآيَاتِنَا فَهُم مُّسْلِمُونَ ﴿٥٣﴾

**53. Мун гьечIо МухIаммад ﷺ, беццав чи тIовитIизе кIолевлъунги, гьев жиндир къосиялъулъ вугеб мехалъ. Дуе рагIизабизе кIоларо дир аятазда иман лъурал муъминзабазда гурони, Аллагьасул ﷻ амруялда нахърилълъун гьесие мутIигIаллъун ругел.**

Гьал аятазда жанир ТIадегIанав Аллагьас капурзаби релълъизаруна хварал, беццал, гIинкъал гIадамазда: гьез Къуръаналъул вагIза босун гутIиялъ ва гьезие аварагасул ﷺ дагIваталъ асар гьабунгутIиялъги.

اللَّهُ الَّذِي خَلَقَكُم مِّن ضَعْفٍ ثُمَّ جَعَلَ مِن بَعْدِ ضَعْفٍ قُوَّةً ثُمَّ جَعَلَ مِن بَعْدِ قُوَّةٍ ضَعْفًا وَشَيْبَةً ۚ يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ ۖ وَهُوَ الْعَلِيمُ الْقَدِيرُ ﴿٥٤﴾

**54. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер БетIергьан,** нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав: **нуж цIакъ загIипаб жоялдаса рижарав:** манидал къатIраялдаса. Цинги эбелалъул чохьониб загIипаб лъимер букIун, хадубги жиндир щибго гьунар гьечIеб гьитIинаб лъимерлъун букIун.

**Цинги Аллагьас ﷻ гьеб загIиплъиялда хадуб къуват гьабуна:** гIолохъанлъиялда вахизавуна. **Цинги гьеб къуваталда хадубги загIиплъи ва херлъи гьабуна. Аллагьас ﷻ жиндие бокьараб жо бижула ва гьев Аллагь ﷻ жинда кинабго жо лъалев, кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**

وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يُقْسِمُ الْمُجْرِمُونَ مَا لَبِثُوا غَيْرَ سَاعَةٍ ۚ كَذَٰلِكَ كَانُوا يُؤْفَكُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Къиямасеб къо чIун гIадамал тIаде рахъизарураб мехалъ капурал гIадамал гьа гьедун кIалъала жидеца дунялалда цIакъ дагьаб заман гурони бачIин абун.**

Гьеб къиямасеб къоялъул хIинкъи тIаде

бачIиндал, гьелда хадуб букIунеб абадияб гIазабги лъадал, гьел капурзабазда дунялалда бараб заман цIакъ дагьаб жо букIин лъала. Цоги гIалимзабаца абуна гьезда кIочолин жидеца дунялалда бараб заман абун. **Гьединго дунялалдаги капурзаби хIакъаб жоялдаса батIулаб жоялде унел рукIана.** БитIараб жо тун гьереси тIаса бищулел рукIана.

**56. Жидее гIелму-лъай кьурал ва жал иманалда тIоритIарал гIадамаз абула: ХIакълъунго нуж дунялалда рукIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее бихьизабураб ажал тIубазегIан, цинги хун хадур тIаде рахъизаризегIанги.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ وَٱلْإِيمَـٰنَ لَقَدْ
لَبِثْتُمْ فِى كِتَـٰبِ ٱللَّهِ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْبَعْثِ ۖ فَهَـٰذَا
يَوْمُ ٱلْبَعْثِ وَلَـٰكِنَّكُمْ كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ٥٦

**Гьаб буго халкъ тIаде бахъизабун гьезул хIисаб-мизан гьабулеб къо, ва амма нуж гьеб къо бачIизе букIин лъаларел рукIана:** гьелда иман лъечIого инкар ккун чIарал рукIана.

**57. Гьеб къоялъ дунялалда жидерго напсазе зулму гьабун хьвадарал гIадамаз гIузру бачиялъ гьезие щибго мунпагIат гьабуларо.**

فَيَوْمَئِذٍ لَّا يَنفَعُ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ مَعْذِرَتُهُمْ
وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُونَ ٥٧

**Гьезда «тавбо гьабе, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рази гьаве» абунги абуларо.** Гьеб буго жазаъ гьабулеб къо, гьеб къоялъ гьабураб гIамал къабул гьабуларо.

**58. ХIакълъунго гьаб Къуръаналда жанир Дица гIадамазе мисалал рачана кинабго жоялъе ва щибаб мисал бачун вагIза-насихIатги гьабуна.**

وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِى هَـٰذَا ٱلْقُرْءَانِ مِن
كُلِّ مَثَلٍ ۚ وَلَئِن جِئْتَهُم بِـَٔايَةٍ لَّيَقُولَنَّ
ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا مُبْطِلُونَ ٥٨

**Гьел мушрикаца тIалаб гьабулеб мугIжизатги бачун мун вачIун вукIараваниги, гьез абизе букIана нуж ругин батIулаб жо гьабулел гIадамал абун.** СихIро гьабулел, ниж гуккулел гIадамал руго нужан абизе букIана. Гьезул хIал хъублъи ва инкар кквей гучаб буго, гьезул муъминзабадехун бугеб тушманлъиги гIорхъолъан араб буго.

**59. Гьадин мугьру чIвала Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеда хIакъаб жо лъаларел капурзабазул ракIазда.**

كَذَٰلِكَ يَطْبَعُ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِ ٱلَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ٥٩

Гьезул рекIелъ иман лъугьуларо, гьезда Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ лъаларо.

**60. Гьел мушриказ дуе гьабулеб къварилъиялда ва гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIиялда дуца сабро гьабе**

فَٱصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ ۖ وَلَا يَسْتَخِفَّنَّكَ
ٱلَّذِينَ لَا يُوقِنُونَ ٦٠

**МухIаммад** ﷺ.
**Х1акълъунго дуе квербакъи гьабизе буго абураб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **къотIи хIакъаб къотIи буго**. Гьеб щибго щаклъи гьечIеб иш буго. **Гьел иман лъеч1ел г1адамаз бицулеб жоялъ мун загIип гьавуге ва дуца ракIги къварид гьабуге** гьез иман лъечIин абун.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ квер бакъиялдалъун сурату Ррумалъул
тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 31. Сурату Лукъман

سُورَةُ لُقۡمَانَ

*Маккаяда рештIизабураб, жинда жаниб лъебералда ункъго аят бугеб.*

*Гъаб сураталда жаниб Аллагь ﷻ цо гъави, ахираталда иман лъей ва Аллагьасул ﷻ рисалат ритIухъ гьабиялъул баян буго. МухIаммад аварагасул ﷺ мугIжизатлъун бугеб Къуръаналъул биценалдалъун байбихьи гьабун буго гьаб сураталье. Аллагьасул ﷻ махлукъаталда балагьун гьелдалъун Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялде тIоритIел гьабиялда ахIулел руго. Къиямасеб къоялъул гIазаб-гIакъуба щвеялдаса цIуниялъул бицен гьабун буго.*

*Сураталда жаниб гIатIидаб баян гьабун буго эбел-инсуе лъикIлъи гьаби, берцинал тIабигIатал хьвадизегьари, Аллагьасде ﷻ ширк гьабизе бегьунгутIиялъул бицун, Лукъманица жиндир васасе гьабураб васияталъул. Гьев Лукъманил бицен жаниб букIиналдалъун гьаб сураталда цIар лъун буго Лукъманил сурат абун.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Алиф. Лам. Мим.**
ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупаздалъун жиндир щиб мурад бугеб.

الٓمٓ ١

**2. Гьал руго жиб пасихIаб, жиндир хIукму баянаб Жинда жанир магIна ва мурад гъваридал хIикматал ругеб, Къуръаналъул аятал.**
ГIажаибал масъалабиги ругеблъун буго гьеб Къуръан.

تِلۡكَ ءَايَٰتُ ٱلۡكِتَٰبِ ٱلۡحَكِيمِ ٢

**3. Аллагьасда ﷻ иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе рахIматлъун ва гьел тIоритIулеблъунги буго.**

هُدٗى وَرَحۡمَةٗ لِّلۡمُحۡسِنِينَ ٣

**4. Жидеца паризаял какал камил гьарун ралел, паризаяб закатги кьолел, жидеца ахираталда якъинго, щибго шаклъи гьечIого иманги лъолел;.**

ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤۡتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُم بِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ يُوقِنُونَ ٤

**5. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго Аллагьас ﷻ хIакъаб диналда ва битIараб нухда тIоритIарал гIадамал.**

أُوْلَٰٓئِكَ عَلَىٰ هُدٗى مِّن رَّبِّهِمۡۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٥

**Ва гьал муъминзаби руго жидер дунялалъулги ахираталъулги лъикIлъиялда кверщел батулел, бахьибугел гIадамал.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يَشۡتَرِي لَهۡوَ ٱلۡحَدِيثِ لِيُضِلَّ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ بِغَيۡرِ عِلۡمٖ وَيَتَّخِذَهَا هُزُوًاۚ أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمۡ عَذَابٞ مُّهِينٞ ٦

**6. Мушриказдаса цо гIадамал руго жидеца дунялалъул махсаро-кеп бичун босулел, гьелдалъун Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналдаса гIадамал къосизаризе ва жидее щибго хIужа-далилги гьечIел, гьез гьабулеб гIамал ритIухъ гьабизе.**

**Жидеца Къуръаналъул аяталги махсароде гьарулел, гьезда тIад релъанхъулел. Гьел гIадамал руго жидее ахираталда цIакъ гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIизе бугел.**

وَإِذَا تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِ ءَايَٰتُنَا وَلَّىٰ مُسۡتَكۡبِرٗا كَأَن لَّمۡ يَسۡمَعۡهَا كَأَنَّ فِيٓ أُذُنَيۡهِ وَقۡرٗاۖ فَبَشِّرۡهُ بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ٧

**7. Гьесие дир Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ, чIухIун мугъ балев, жинда гьеб Къуръан рагIулаго гьечIеб гIадин, жиндир гIундузда жаниб гIинкълъи бугев гIадин.**

**Дуца гьесда рохел бице МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьесие жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб букIизе бугин абун.**

Гьаб кIиго аят (6-7 аят) рештIизабиялъе сабаб бицана: Назар ибну ХIарис абулев мушрикас лагъзал ричун росулел рукIана. Исламияб дин босарав яги гьеб бокьарав лагъ жиндихъе ккараб мехалъ, Назар унев вукIана гьевги вачун жиндир кечI ахIулей, жа гьекъолей гъарабашалъухъе ва гьелда абулеб букIана: дуца гьав чиясда жа гьекъезабе, гьесие квенги кье, кечIги ахIе-абун. Дов лагъасдаги абулаан: гьаб жо дуе лъикI буго мун МухIаммадица жинда ахIулеб диналдаса ва гьесда цеве мун рагъда вагъулев вукIиналдасагиян-абун.

Гьаб аяталда жаниб жиндир бицен гьабураб «لَهۡوَ» абураб жоялдаса мурад буго кинабниги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсеялдаса жинца машгъул гьарулеб жо: кагъат хIай, шахматал хIай, азарт бугел хIаял гьари, гIададисеб хабар бицун релъун-рохун рукIин. Гьаб заманаялъул балагьлъун лъугьараб жо буго телевизоралда балагьун рукIин, торгIо хIай, гугари гIадал къецазда балагьизе хьвади.

«لَهۡوَ» абулеб жоялъул бищунго кIудияб буго зурма-къали ва цогидал алатал хIалтIизарун макънал рачи, гьеб мажлисалда гIахьаллъи, гьенир бихьинал ва руччаби цоцалъ журан кьурдун, кечI ахIун рукIин. Гьаб буго цIакъ кIудияб мунагьазда гьоркьоб рикIкIараб лагьву. Гьаб иш гьабулел гIадамазул рекIелъ иман букIуларо, гьел рукIуна мунапикъзаби, щай абуни гьез чанго батIияб кIудияб мунагь гьабулеб

буго ва щибго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ ничги гьезие гьечIо.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُمۡ جَنَّٰتُ ٱلنَّعِيمِ ﴿٨﴾

**8. ХIакълъунго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иманги лъурал, лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазе ахираталъул рукъоб нигIматазул алжанал руго.**

خَٰلِدِينَ فِيهَاۖ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقّٗاۚ وَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ﴿٩﴾

**9. Алжаналда гьел лъугьизарула даимго рукIинелъун. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIакъаб къотIи буго гьеб.**
**Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир гуч бергьарав, жив хIакимияв хан.**

خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ بِغَيۡرِ عَمَدٖ تَرَوۡنَهَاۖ وَأَلۡقَىٰ فِي ٱلۡأَرۡضِ رَوَٰسِيَ أَن تَمِيدَ بِكُمۡ وَبَثَّ فِيهَا مِن كُلِّ دَآبَّةٖۚ وَأَنزَلۡنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءٗ فَأَنۢبَتۡنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوۡجٖ كَرِيمٍ ﴿١٠﴾

**10. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ зобал рижана жал рорхатал ва гIатIидал. Гьел жинца тIаде рорхунги чIезаруна жал кколел хIубалги гьечIого. Жинца ракьалда тIаде рорхатал мугIрулги гьаруна нуж гьеб ракьгун цадахъ цохIалалда чIун рукIизе. Гьеб ракьалда тIад гIемер батIиял рухIчIаголъабиги тIиритIизаруна. Дица нужее зобалаздаса цIадги базабуна,** гьелдалъун нужее чIаголъи бугеб. **Гьеб цIадалдалъун нужее ракьалда тIад бижизабуна батIи-батIияб хур-хер, пихъ ва бахча,- жиб хирияб, жиндир тIагIам лазатаб.**

هَٰذَا خَلۡقُ ٱللَّهِ فَأَرُونِي مَاذَا خَلَقَ ٱلَّذِينَ مِن دُونِهِۦۚ بَلِ ٱلظَّٰلِمُونَ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ﴿١١﴾

**11. Гьаб цебе бицараб жо буго ТIадегIанав Аллагьас бижараб. Гьанже нужеца бихьизабеха дида, щиб жо бижараб нужер алагьзабаца.** Щибго жо бижичIо гьез.

**Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъечIого, хъанчие лагълъи гьабун жидеца напсазе зулму гьабурал гIадамал загьираб ва баянаб къосиналъулъ руго.**

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жаниб гьанжеялдаса анцIила ункъо къарноялъ (векалъ) цебего абуна: «Дица ракьалда тIад щибаб тайпаялъул кIиго жо бижизабуна»-абун. гьеб рагIиялъул магIна буго: хIайваназул кIиго жинс бугеб гIадин цо бихьинаб цо цIуяб, гьединго дица кинабго жиб бижунеб ва холеб жоялъул кIиго жинс гьабуна-абураб.

Гьаб буго гIелмияб цIех-рехалдалъун ахираб заманаялъ тасдикъ гьабураб хIукму: щибаб гьветI-хералъул бихьинал ва цIуял зарраби (клеткаби) руго. Гьел зарраби цохIо тIегьалда тIад рукIула кIиялго

цадахъ, яги цо тIегьалда бихьинал, цоги тIегьалда цIуял рукIула. Гьел бихьинал ва цIуял зарраби цохIо кьибилалда тIад бижараб жоялда рукIула, яги цо кьибилалда тIад бихьинал, цогидаб кьибилалда тIад цIуял рукIула. Гьеб гIелмияб цIех-рех гьабун инсанасе азарго соналдаса хадуб гурони загьирлъичIеб хIикмат Къуръаналъ доб заманальго бицун буго. Гьаб буго Къуръан Аллагьасул ﷻ калам букIин тасдикъ гьабулеб, Къуръан жинда рештIизабурав МухIаммадги ﷺ хIакъав авараг вукIин жинца бицунеб мухIканаб хIужжа ва далил.

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا لُقْمَٰنَ ٱلْحِكْمَةَ أَنِ ٱشْكُرْ لِلَّهِ ۚ وَمَن يَشْكُرْ فَإِنَّمَا يَشْكُرُ لِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَن كَفَرَ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَنِىٌّ حَمِيدٌ ﴿١٢﴾

**12. ХIакълъунго дица Лукъмание гIелму ва хIикмат кьуна.**

ХIикмат абураб рагIиги гIелму абураб магIнаялда буго; кинниги хIикмат буго гIелмугун цадахъ камилаб гIакъло букIин, бицунебги гьабулебги жо мухIканаб ва тадбир бугеб букIин, жинца бицараб рагIи кидаго шаргIалда данде кколеб букIин. Къокъаб къаг1идаялъ х1икмат абула; щибаб жо жиндие рекъараб бак1алда лъезе лъаялда.

Дица гьев Лукъманидаги абуна: **дуца Аллагьасе ﷻ щукру гьабе дуе кьурал кIудиял нигIматазда данде.** Дуе кьураб хIикматалда дандеги, цогидал гIадамазе кьуралдаса жиб гIемераб ва камилаб. **Жинца Аллагьасе ﷻ щукру гьабулев чи х1акълъунго жиндирго напсалъе щукру гьабулев вуго:** гьелъул ажро жиндиего буго. **Аллагьасдаги ﷻ гьесул нигIматаздаги инкар ккурав чи** жиндирго напсалъе квешлъи гьабурав вуго. **Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца гIейи гьабулев вуго гIадамазул щукруялдаса.** Гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо. **Жив веццарав, кинабго реццалъе мустахIикъавги вуго гьев Аллагь ﷻ.**

Гьев Лукъман щив вукIарав абун гIалимзабазул хилап буго. Цояз абула гьев гIакъилав, хIакимияв, Аллагь ﷻ вокьарав, Аллагьасеги ﷻ вокьулев чи вукIанин абун. Цогидаз абула гьев авараг вукIанин абун. ГIемерисел гIалимзабаца авалаб рагIи битIараблъун гьабуна. Гьелъие далилллъун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисги бицана: *«Лукъман авараг вукIинчIо. Гьев вукIана жинца пикру гIемер гьабулев, жиндир гIелму-лъай берцинав лагъ. Гьесие Аллагь ﷻ вокьана, Аллагьасе ﷻ гьевги вокьана. Цинги Аллагьас ﷻ гьесда цIоб-рахIмат гьабуна, гьесие хIикматги кьуна»*-абун. Х1адис ибну Г1ат1ияtица ва Саг1лабияс бицана.

Мунтахаб абураб тафсиралда абуна: гIарабиязе Лукъман абун цIар бугев кIиго чи лъала: Лукъман ибну ГIад вуго цо, гьев гIарабияз цIакъ

кIодо гьавулев вукIана. Гьев жиндир гIелму-гIакъло бугев, гIадамазе цевехъанлъун вукIизе кIолев чи вукIана.

К1иабилев вуго ЛукъманулхIаким абулев чи. Гьев вуго жиндир хIикматалдалъун машгьурлъарав, Къуръаналда жаниб жиндир цIаралдалъун суратги бугев Лукъман. гIарабиязда гьоркьор цIакъ машгьурал рукIана гьев Лукъманил гIакъилал, хIикмат бугел рагIаби.

Ибнугьишамица бицана: *«Сувайд ибну Самит абулев чи вачIана Маккаялда. Гьев вукIана жиндир къавмалъул хирияв ва къадро бугев чи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьев исламияб дин босиялда ахIараб мехалъ гьес абуна: «Гьеб духъ бугеб жоги дихъ бугеб гIадабго жо батила»-абун. Аллагьасул расулас ﷺ гьесда абуна: «Духъе щиб жо бугеб?-абун. Сувайдица абуна: «Лукъманил хIикматал хъвараб тIехь буго»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьеб жо дие цIалеха дуца»-абун. Сувайдица гьеб цIалун хадуб аварагас ﷺ абуна: «Гьеб берцинаб калам буго. Ва амма дихъ бугеб жо ТIадегIанав Аллагьасул калам буго, гьеб Лукъманилалдаса гIемерго хирияб буго, жинца гIадамал битIараб диналда тIоритIулебги буго, жинца хIакъаб жо загьир гьабулеб нурги буго*»-абун.

Гьев Лукъман Суданалъул чи вукIанинги абула: «Нуби»-абулеб бакIалдаса вукIана, «Абисиналдаса»-вукIанин абунги абуна.

Гьав Лукъман Давуд аварагасдаса цеве вукIана. Давуд авараглъун عَلَيْهِ السَّلَامُ витIизегIан жинца гIадамазда гьоркьоб хIукмуги гьабулеб букIана. Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ витIун хадуб жинца хIукму гьаби тана. «Щай дуца хIукму гьаби тараб?»-абун гьесда гьикъидалго Лукъманица абуна: «Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тезабураб мехалъ тана»-абун. ай: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ авараг витIана жинца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабизе абун.

Ибнужаририца абуна: «ЛукъманулхIаким вукIана ХIабашияв лагъ, жиндир тIом чIегIерав, кIутIбиги рицатав, хIатIалги согIав, гьел рихъ-рихъарав. Цо нухалъ гьесда жиндир сайидас абуна: дуца гьаб чахъу хъве ва гьелдаса бищунго гьуинаб (лъикIаб) кIиго лага босун вачIаян абун. Лукъманица чахъу хъуна ва гьелъул мацIги ракIги къотIун гьеб сайидасухъе кьуна. Цогиги нахулъ сайидас Лакъманида абуна: дуца гьаб чахъу хъве ва гьелдаса бищунго квешаб кIиго лага босун вачIаян абун. Лукъманица чахъу хъуна ва гьелъул мацIги ракIги бахъун гьеб сайидасухъе кьуна. Сайидас гьесда гьикъидал гьаб ишалъул хIикмат щиб абун, Лукъманица абуна: гьеб мацIги ракIги буго жиб кIиябго лъикIлъани цIакъ лъикIаб жо, ва амма жиб кIиябго квешлъани цIакъ хъубаб, къабихIаб жоги бугоян- абун.

ГIабдуллагь ибну Вагьбица бицана: «Цо чияс ЛукъманулхIакимида абуна: Гьал гIадамаца мун кIодо гьавиялъулги, гьел дур рагьда г1емер хьвадиялъулги хIикмат щиб бугеб абун. Лукъманица абуна: Я дир вацасул вас! Дица бицараб жоялда мун гIенеккани ва дица гьабураб гIамал дуцаги гьабуни, дуеги щвезе буго гьеб кIодолъи. Дун гьаб макъамалда щвана дица хIарамаб бакIалда бер балагьичIелъул. Дица Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсей гуреб жоялдаса мацIги цIунидал. Дица кваналеб жоги хIалалаб тIалаб гьабидал. Дица дир гIавратги цIунидал. Дица бицулеб рагIиги битIараб, хIакъаб бицидал. Дица тIаде босараб къотIиги тIубазабидал. Дица гьобол кIодо гьавун гьесие хъулухъги лъикI гьабидал. Дица мадугьаласул хIурматги цIунидал. Дица дир ахираталъе жиндаса пайда гьечIеб жоги рикIкIад гьабидал-абун.

ИбнуабихIатимицаги бицана: Гьев ЛукъманулхIаким вукIана жиндир калам дагьав, жинца пикру гIемер гьабулев, жинда сверухъ бугеб жоялдаса гIакъло ва вагIза босулев. Гьев кидаго къад кьижулев вукIинчIо. Гьев цониги чиясда вихьичIо жинца мегIер бацIулевлъун ва хIацIу тулевлъун. Гьев цониги чиясда вихьулеб бакIалда жинца хIажат тIубазе лъугьинчIо, жинца гIадамазе бихьулеб бакIалда черхги чуричIо. Гьес гIададисеб махсаро гьабулеб букIинчIо, жив кеп щун велъанхъулевги вукIинчIо. Цониги рагIиги абулеб букIинчIо, жинда жаниб хIикмат-пайда бугеб гурони.

Гьав ЛукъманулхIакимидаса гIалимзабаз гIемераб къиса ва хабар бицун буго гIадамазе вагIзалъун букIизе, гьез пикру гьабизе. ЛъикIаб гIамалалдаса мисал босун гьелда нахърилълъин тIадаб буго жив витIун ккезе бокьарав инсанасда. ТIадегIанав Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ гьал къисаби нилъее рицун руго нилъеца гьездаса пайда босизе гIоло. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавпикъ кьеги жив ризияб гIамал гьабизе.

**13. Васасе вагIза гьабулевлъун Лукъман вугеб мехалъ, гьес васасда абураб гIуж бице МухIаммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **дуца умматалъе вагIзалъун:**

وَإِذۡ قَالَ لُقۡمَٰنُ لِٱبۡنِهِۦ وَهُوَ يَعِظُهُۥ يَٰبُنَيَّ لَا تُشۡرِكۡ بِٱللَّهِۖ إِنَّ ٱلشِّرۡكَ لَظُلۡمٌ عَظِيمٞ ١٣

**«Я дир вас! Дуца гIибадат гьабе цохIо Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **ва дуца гьев Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **щибго жо г1ахьал гьабуге. ХIакълъунго ширк гьаби буго цIакъ кIудияб зулму»-абун**.

Жиндир гIелму-гIакъло камилав, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие хIикмат кьурав вукIиналъ, Лукъманица васасе насихIат гьаби байбихьулеб буго бищунго жиндир кIвар бугеб масъалаялдалъун: гьеб буго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат бацIад гьаби. Жиндир лъимал дунял ахираталъул бахьибугеллъун рукIизе бокьарав чиясеги гьезие гьаб васият гьабизе

рекъараб буго. Гьалдаса кIудияб лъикIлъиги гьечIо, нагагь Аллагьасде ﷻ ширк гьабуни гьелдаса кIудияб мунагьги гьечIо.

Гьедин букIиналъ ТIадегIанав Аллагьас абуна: «ширк цIакъ кIудияб зулму буго»-абун. Гьеб ширк бугелъул гьаб кинабго гIалам жинца бижарав Аллагьасда ﷻ данде гьес бижараб махлукъ лъей. Аллагьги ﷻ хъанчги жинца бащад гьабулев чиясдаса кIудияв ахIмакъ щивха вукIинев! Гьеб хъанчалда релълъун вук1ула Аллагьасда ﷻ гьабулеб гьари, божи, хьул лъей жинде гьабурав чиги.

وَوَصَّيْنَا ٱلْإِنسَٰنَ بِوَٰلِدَيْهِ حَمَلَتْهُ أُمُّهُۥ وَهْنًا عَلَىٰ وَهْنٍ وَفِصَٰلُهُۥ فِى عَامَيْنِ أَنِ ٱشْكُرْ لِى وَلِوَٰلِدَيْكَ إِلَىَّ ٱلْمَصِيرُ ﴿١٤﴾

**14. Дица инсанасда васият гьабуна, гьес эбел-инсуе лъикIлъи гьабеян абун.** Гьеб лъикIлъи гьабизе цIакъго мустахIикъай йиго эбел. **Эбелалъ гьев инсан чохьонив ваччана, щибаб къоялъ жиндир черхги загIиплъулаго, захIмалъиги цIикIулаго, гьеб лъимер гьабизегIан.**

**Гьеб лъимер хахизабун кIиго сон тIобараб мехалъ карандаса тIезеги гьавуна. Дица гьев инсанасда абуна дуца дие щукру гьабеян дуе кьурал кIудиял нигIматазда.** Гьел нигIматазул бищунго кIудияб буго иман-исламалда тIовитIи. **Дур эебел инсуеги щукру** гьабе гьез мун хьихьун, тарбияги кьун кIудияв гIезавиялда. **Ахир нуж киназулго руссин дида буго.** Ва дица нужер гIамалазда рекъараб жазаъ гьабун цоял алжаналда, цоял жужахIалда лъугьизаризе руго. Гьаб кIиго рукъ гурони ахираталда гьечIо. Гьаб кIиябго рукъалъул алжан щолеб гIамал гьабичIев чи цIакъ гIадада хварав чи вуго.

وَإِن جَٰهَدَاكَ عَلَىٰٓ أَن تُشْرِكَ بِى مَا لَيْسَ لَكَ بِهِۦ عِلْمٌ فَلَا تُطِعْهُمَا ۖ وَصَاحِبْهُمَا فِى ٱلدُّنْيَا مَعْرُوفًا ۖ وَٱتَّبِعْ سَبِيلَ مَنْ أَنَابَ إِلَىَّ ۚ ثُمَّ إِلَىَّ مَرْجِعُكُمْ فَأُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٥﴾

**15. Гьел эбел-инсуца дуда хIал гьабун, дуе гIакъуба гьабун дидехун щибниги жо ширк гьабеян абуни, гьедин ширк гьабизе кколеб букIиналъе дуе щибго хIужжа гьечIеб,-мун гьел эбел-инсуе мутIигIлъуге ва дуца ширк гьабуге!** Аллагьасде ﷻ гIасилъизе бегьуларо гьесул махлукъат рази гьабизе гIоло.

**Гьел эбел-инсуда дунялалъул рукъоб гьалмагълъи гьабе гьезие къварилъи гьабичIого.**

Гьесул эбел-эмен капурал ругониги, гьез лъимералъе тарбия гьабулаго гIемераб къварилъи баччун бугелъул, гьез жиндие гьабураб лъикIлъиялда данде гьезие квешлъи гьабулевлъун вукIизе бегьуларо инсан. Гьез гьабулеб купру-ширк буго гьездаги Аллагьасдаги ﷻ гьоркьоб бугеб хIукму, Аллагь ﷻ вуго гьелъие жазаъ гьабулевги.

Цо-цо гIалимзабаз фатва (изно) кьуна гьел килисаялда (церковь) унел ругони, гьел херлъун, кIодолъунги ругони, гьезие квербакъи гьабизе ккелин калисаялда гьел щвезаризеги, гьениса рукъор рачизеги абун. Цояз абуна килисаялде щвезаризе бегьиларин, гьениса рокъор рачизе ккелин абун.

Гьаб заманаялъ жиндир кIвар цIикIараб масъала буго гьаб. Лъимал исламияб диналда рачIунеб, эбел-эмен купру-ширкалда чIолеб заман бугелъул. Цо-цо гIелму дагьал гIалимзабаз гIолохъабазе фатва (изну) кьолеб буго эбел-инсуе мутIигIлъичIого рукIизе, гьез балъгояб (гьитIинаб) ширк гьабулеб бугониги, гьез мунагьал гьарулел ругониги, гьел эбел-эменги бусурбабилъунги ругеб хIалалъ. Гьаб фатва битIараб гьечIо. Эбел-инсуе къварилъи гьабизе бегьуларо. Гьел берцинго битIараб исламияб диналда ахIизе ккола. Гьедин рачIулел гьечIони, гьезие гьабизе тIадаб лъикIлъиги гьабун жидерго хIалалда тезе ккола, гьез Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе лъимал гьукъулел гьечIебгIан мехалъ. Гьедин гIибадат гьабизе гьукъун гьезда аскIор чIезе бегьулареб хIал лъугьани, гьездаса ватIалъун жиндие гIибадат гьабизе рес бугеб бакIалда ине ккела.

**Мун нахъвилълъа** ва мун цадахъ чIа **жидеца иманги лъун Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие тIагIат-гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзабазда. цинги ахираталда нуж киналго Дида руссизаризе руго, гьениб Дица баянги гьабизе буго нужеца гьабулеб букIараб гIамал** ва гьелда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

МухIаммадгIали Сабунияс абуна: ТIадегIанав Аллагьас жиндехун ширк гьабугеян васият гьабураб бакIалда хадуб цуйзабун эбел-инсул хабар бициялъул хIикмат буго, инсанасда бищунго гIагарда ругел гIадамал эбел-эмен ругелъул, гьезул амруялдеги мутIигIлъун Аллагьасдехун ﷻ гIасилъи ккезеги рес бугелъул, Аллагьас ﷻ амру гьабулеб буго: эбел-инсуе лъикIлъи гьабе, гьезда гурхIел-рахIмуги гьабе, ва амма Аллагьасде ﷻ гIасилъиялдалъун гьез амру гьабураб мехалъ, гьезие мутIигIлъуге абун.

يَٰبُنَيَّ إِنَّهَآ إِن تَكُ مِثۡقَالَ حَبَّةٖ مِّنۡ خَرۡدَلٖ فَتَكُن فِي صَخۡرَةٍ أَوۡ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ أَوۡ فِي ٱلۡأَرۡضِ يَأۡتِ بِهَا ٱللَّهُۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَطِيفٌ خَبِيرٞ ١٦

**16. Я дир вас** абулеб буго Лукъманица: **дуда лъай гьеб Аллагьасде ﷻ гIасилъи ва мунагь-хатIа** кигIанго гьитIинаб жо бугониги, **цо хардалалъул мугь гIадаб жо бугониги, цинги гьеб гIасилъи щулияб кьуроялда жаниб лъун бахчун бугониги, яги зобалазда бугониги, яги ракьалда тIад щиб бакIалда бугониги,**

**гьеб гІасилъи Аллагьас ﷻ къиямасеб къоялъ цебе бачІизе буго** ва гьелда рекъараб жазаъги гьабизе буго. **ХІакълъунго Аллагь вуго жив лагъзадерида цІакъ гурхІулев ва гьезул киналго умурал жинда лъалев.**

Аяталъул магІна буго: Аллагьасда ﷻ балъго хутІилин ракІалда ккун квешлъи гьабизе бегьуларо, Аллагьасда ﷻ щибго жо балъго хутІуларо.

**17. Я дир вас! Дуца Аллагьасе ﷻ как бай**, жиндир хІукъукъал тІубан ва Аллагьасе ﷻ хІелун. **Дуца лъикІаб жоялдалъун амруги гьабе, квешаб жо гьабугеян абун нагьюги гьабе.**

يَٰبُنَيَّ أَقِمِ ٱلصَّلَوٰةَ وَأۡمُرۡ بِٱلۡمَعۡرُوفِ وَٱنۡهَ عَنِ ٱلۡمُنكَرِ وَٱصۡبِرۡ عَلَىٰ مَآ أَصَابَكَۖ إِنَّ ذَٰلِكَ مِنۡ عَزۡمِ ٱلۡأُمُورِ ١٧

**Гьеб амру-нагью гьабулаго ва Аллагьасе ﷻ дин гьабулаго дуда щвараб къварилъиялда сабруги гьабе.**

Аллагьасул ﷻ диналда гІадамал ахІулел муъминзабазда къварилъи бачІин, гьезие квал-квал гьаби ва зулму гьаби гІадатияб жо буго. Гьелда сабру гьабиялдалъун гьев муъминчиясул ажроги цІик1кІула. **Х1акълъунго гьал церехун рицарал лъикІал гІамалал гьари ва тІаде бачІараб къварилъиялда сабро гьабиги бищунго кІвар бугел, жал гьаризе тІадал умурал руго.**

**18. Дуца гІадамал гІодорегІан гьарун, мунго чІухІаравлъун вихьун, гьездаса гьумер бусизабуге. Мун ракьалда тІад чІухІараб рилълъен гьабунги хьвадуге.**

وَلَا تُصَعِّرۡ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمۡشِ فِي ٱلۡأَرۡضِ مَرَحًاۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ مُخۡتَالٖ فَخُورٖ ١٨

**ХІакълъунго Аллагьасе ﷻ вокьуларо жиндир гІамал кІудияв жив чІухІарав чи.** ГІадамаздаса жив лъикІавлъун вихьулев, жинца гІадамал гІодорегІан гьарулев.

**19. Дуца рилълъенги гьоркьохъеб хІалалда гьабе.** ГІемерго гІедегІун вукІунге ва гІемерго бигьаги вукІунге. **Дуца дур гьаракьги гІодобгІан гьабе.**

وَٱقۡصِدۡ فِي مَشۡيِكَ وَٱغۡضُضۡ مِن صَوۡتِكَۚ إِنَّ أَنكَرَ ٱلۡأَصۡوَٰتِ لَصَوۡتُ ٱلۡحَمِيرِ ١٩

ГІакъилав чиясда рекъоларо гьаракь борхун ахІдолевлъун вукІизе. **Х1акълъунго Аллагьасда ﷻ аскІоб бищунго рихараб гьаракь буго хІама гьагІулеб гьаракь.** Гьеб гьаракьалъул авал борхатаб, гучаб гІергІеди букІула, гьелъул ахирги захІматго хІухьел цІалеб гъургъуди букІула. Ццим бахъун ахІдолев чиясул мисалги хІамил гьагІиялда релълъун букІула.

Ибнукасирица гьаб ЛукъманулхІакимил васиятал хъван тІубараб

бакIалда хирияв аварагасул ﷺ хIадисал рицун руго чIухIирец какарал, жиндирго напс гIодобегIан гъабиялда, тIабигIат берцинлъиялда хурхарал. Гъаб бакI вагIзаялъул бакI бугелъул, цо чанго хIадис нилъецаги хъвала, хирияв аварагасул ﷺ баракат щвезе ва муъинзабазе вагIза-насихIат букIизе.

Напс гIодобегIан гъабун, гIадамаздаса вахчарав вукIиналъул бицун аварагас ﷺ абуна: *«ГIемер чи вуго жиндир рас бигъарав, ретIел тIутIурав, гIадамаз жидер рагьабаздаса нахъе къотIулев. Гьев чияс Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *цIар бахъун гьа гьедани Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьесул гьа ритIухъ гьабулев»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Жидеда Аллагь разилъаял ГIумар асхIабас бицана: дида МугIаз ибну Жабал ватана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хобалда аскIов чIун гIодулев. Дица гьесда щиб жоялъ мун гIодизавулев вугеван гьикъидал, МугIазица رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ абуна. Дида раг1ана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абулеб: *«Цодагьабго рияъги ширк буго. Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *рокьула жиндаса хIинкъарал, жал гIадамазе лъаларел, жал ц1акъ лъик1ал гIадамал, гьел рикIкIалъараб мехалъ гIадамазда гьеб лъаларел, гьел аскIор ругониги жидер къадрокъимат гьабуларел. Жидер ракIал иманалъул нуралъ цIурал, кинабниги бецIлъиялдаса жал хвасарлъулел»*-абун. Х1адис имам ибну Мажатица бицана. Ай, жал дунялалъул питнабаздасан ва ахираталъул гIазабалдаса хвасарлъулел.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну ГIамридасан хIадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *бищунго хириял гIадамал руго гъурабаал»-абун. Щал чагIи гьел гъурабаал абидал, гьес абуна: гьел руго жидер дин цIунун гIадамаздаса лъутарал муъминзаби. Къиямасеб къоялъ гьел ГIиса авараггун* عَلَيْهِ السَّلَامُ *цадахъ рукIула»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ГIадамазда гьоркьоб машгьурлъи какун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«БахIарчиясе квешлъи гIела гIадамаз жинда килшал ритIулев вукIин, диналъулъ бугониги дунялалъулъ бугониги, Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *жив цIунарав чи хутIизегIан.* (Х1адис имам Тирмизия бицана.) *Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *валагьуларо нужер суратазда. Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *валагьула нужер ракIазда ва нужер гIамалазда»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Муса аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ бицараб хабаралъулъ буго: «Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ бануисраилазда абуна: нуж дихъе рачIунге вализабазул (монахазул) ретIелги ретIун, бацIазул ракIалги росун. Нужеца ханзабазул ретIел ретIе, амма ракIал тамах гьаре Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъиялдалъун»-абун.

ТIабигIит берцинлъиялъул хIакъалъулъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Жиндир тIабигIат берцинлъиялдалъун инсан вахула ахираталъул даражаялда ва хириял макъамазда, гьев чи жиндир гIибадат дагьав вугониги. Жиндир тIабигIат квешлъиялдалъун инсан жужахIалъул тIиналдеги ккола гьев чи гIибадат гьабулев вугониги»*-абун. ХIадис АтIабаранияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: *«Жиндир тIабигIат берцинлъиялдалъун инсан вахуна къад кIалги ккун, къаси рогьинегIан какалги ран гIибадат гьабурав лагъасул даражаялда»*-абун. ХIадис имам АхIмадица бицана.

Абугьурайратидаса ﷺ бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана алжаналда жанир гIадамал лъугьизарулел гIамалаздаса. Аварагас ﷺ абуна: *«Аллагьасдаса хIинкъиялъ ва тIабигIат берцинлъиялъ лъугьизарула гIемерисел гIадамал алжаналда»-абун. Цинги аварагасда ﷺ гьикъана жужахIалда жанир гIадамал лъугьизарулеб жоялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: кIалалъги гIавраталъги»*-абун. ХIадис имам Тирмизияс бицана.

Усама ибну Шарикидасан ﷺ хIадис бицана: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе гIемерал гIарабиял рачIун рукIана батIи-батIияб бакIалдаса. Гьез аварагасда ﷺ гьикъана инсанасе кьолеб бищунго лъикIаб жо щиб бугебан абун. Аварагас ﷺ абуна: тIабигIат берцинлъи бугоян»*-абун. ХIадис ибну ХIибаница бицана.

Цогиги аварагас ﷺ абуна: *«МуъминчиясулЪ кIиго тIабигIат данделъуларо: Бахиллъиги гIамал берцинлъиги»*-абун. ХIадис имам Тирмизияс бицана.

Цоги хIадисалда буго «ГIамал кIодолъи какун аварагас ﷺ абуна: *«Алжаналда лъугьуларо жиндир рекIелъ цохIо зарра гIадаб чIухIи бугев чи. Жиндир рекIелъ цохIо зарра гIадаб иман бугев чи жужахIалдаги лъугьуларо»*-абун. ХIадис имам ибну Мажатица ва Тирмизияс бицана.

ИсхIакъ ибну ИсмагIилица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Цо инсан жиндир напс лъикIаблъун бихьун хьвадула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев чи залимзабазда гьоркьов хъвазегIан, цинги гьезие гьебулеб гIазабги гьабула гьев чиясе»*-абун. ХIадис имам Тирмизияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар ибну ГIабдулгIазиз вукIана ГIумар асхIабасул наслоялъул чи, Гьев ритIухъав халипалъунги вукIана. Жив халипалъун тезегIан цевеккун гьесда данде ккана ТIавус абулев лъикIав гIабид (жинца Аллагьасе гIибадат гьабулев чи). ГIумарил чIухIараб

рилълъеналдаги валагьун, гьесул хьибилалда килишги тункун ТӀавусица абуна: «Гьаб чӀухӀараб рилълъен рекъараб гьечӀо чороклъи жаниб бугеб къаркъалаялда»-абун. ГӀумарица ТӀавусида абуна: «Я дир инсул вац! Дуда щибха лъалеб гьаб рилълъен гьабеян абун чан нухалъ дида тӀилал кьабурал»-абун. Бану Умаятал халипалъи ханлъиялда сверизабун рукӀиндал, гьез жидер лъимал куцалел рукӀана ханзабазул гӀадаб хьвади гьабизе. Гьеб магӀна буго ГӀумар ибну ГӀабдулгӀазизил рагӀиялъул.

Цо хӀадисалда буго: *«Жинца чӀухӀдаегӀоло ретӀел хадуб бехъерхъарав чиясда ахираталда Аллагь ﷻ валагьуларо»*-абун. ХӀадис имам Бухарияс бицана.

Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги жив разияб гӀамал гьабизе.

**20. Нужеда бихьуларищ, я гьал гӀакъло бугел гӀадамал, Аллагьас ﷻ нужее квегъун букӀин зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб кинабго махлукъат.**

أَلَمْ تَرَوْا أَنَّ ٱللَّهَ سَخَّرَ لَكُم مَّا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى
ٱلْأَرْضِ وَأَسْبَغَ عَلَيْكُمْ نِعَمَهُۥ ظَٰهِرَةً وَبَاطِنَةً ۗ
وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يُجَٰدِلُ فِى ٱللَّهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ
وَلَا هُدًى وَلَا كِتَٰبٍ مُّنِيرٍ ﴿٢٠﴾

Бакъги, моцӀги квегъун руго нужее гьездаса мунпагӀат босизе. МугӀрулги, гӀоралги, ралъадалги квегъун руго нужее нужеца гьездаса нигӀматал росизе. **Аллагьас ﷻ нужее загьиралги батӀиналги нигӀматалги цӀакъго гӀатӀид гьарун кьун руго.** Иман-ислам кьун буго, бихьи-рагӀи кьун буго. ГӀелму-гӀакъло ва бичӀчӀи кьун буго.

**Гьаб амру гьадин букӀингун цадахъ гӀадамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьасде ﷻ дагӀба гьабулел, жидее щибго хӀужа-далил гьечӀого, жидехъе рештӀараб тӀехьги гьечӀого, жал тӀоритӀулев аварагги гьечӀого.** Жидеца ширк гьабулел руго. Аллагь ﷻ цо вукӀиналда ва гьесул сипатазда инкар кколел руго.

**21. Гьел гӀадамазда абураб мехалъ нуж нахърилълъайин Аллагьас ﷻ рештӀизабураб Къуръаналда, гьез абулеб буго: «Ниж нахърилълъизе руго нижер умумуца гьабулеб батараб диналда»-абун.**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱتَّبِعُوا۟ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ قَالُوا۟ بَلْ
نَتَّبِعُ مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ ءَابَآءَنَآ ۚ أَوَلَوْ كَانَ
ٱلشَّيْطَٰنُ يَدْعُوهُمْ إِلَىٰ عَذَابِ ٱلسَّعِيرِ ﴿٢١﴾

Гьел умумул къосараллъун рукӀанигийищха жал гьезул диналда нахърилълъулел? Хъанчие лагълъи гьабулел мушрикал руго гьезул умумул. **ЖужахӀалъул цӀадул гӀазаб жидее букӀунеб гӀамал гьабизе жал ахӀулел рукӀанигийищха гьел щайтӀаналда нахъ**

**рилъулел?.**

**22. ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъун жив гьесдехун вуссарав чи, аварагасда ﷺ нахъвилълъун лъикIаб гIамалги гьабулев, х1акълъунго гьев чи вуго жинца цIакъ щулияб рохьен (квар) ккурав чи.**

۞ وَمَن يُسۡلِمۡ وَجۡهَهُۥٓ إِلَى ٱللَّهِ وَهُوَ مُحۡسِنٞ فَقَدِ ٱسۡتَمۡسَكَ بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰۗ وَإِلَى ٱللَّهِ عَٰقِبَةُ ٱلۡأُمُورِ ٢٢

Гьеб рохьенги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ бугеб божи, гьесда тIамураб таваккал буго.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру-нагьюги тIубан, аварагасул ﷺ суннатги тIубан жив хьвадараб мехалъ гьев инсанас Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рохьен ккун букIула. Жинда тIад къараб жоги тIубан, гьелда данде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ажро гьабиялда валагьун вукIуна гьев чи. ТIадегIанав Аллагь жинца ажро гьабулезул бищунго лъикIав вуго ва гьесде божарав чиги гIадада холаро. **Киналго умуразул ахир ва хIасил ТIадегIанав Аллагьасде буссулеб буго.** Щивав инсанасе жазаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе буго.

**23. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ва Къуръаналда инкар ккурав чиясул купруялъ мун пашман гьавуге МухIаммад ﷺ!** Гьесул купруялъул жазаъ гьесие букIина.

وَمَن كَفَرَ فَلَا يَحۡزُنكَ كُفۡرُهُۥٓۚ إِلَيۡنَا مَرۡجِعُهُمۡ فَنُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوٓاْۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ٢٣

**Гьел киналго дида руссизаризе руго ва дица гьезда бицизе буго жидеца дунялалда гьабураб гIамал** ва гьелда рекъараб жазаъги гьабизе буго. **ХIакълъунго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалев вуго ракIалда жаниб бугеб пикруги.**

**24. Дица гьезие дунялалда дагьабго заманаялъ нигIматал кьела, цинги ахираталда щвараб мехалъ гьезие жужахIалъул къвакIараб гIазабги гьабила.**

نُمَتِّعُهُمۡ قَلِيلٗا ثُمَّ نَضۡطَرُّهُمۡ إِلَىٰ عَذَابٍ غَلِيظٖ ٢٤

**25. Гьел мушриказда дуца гьикъани МухIаммад ﷺ гьал зобал ракьал рижарав щив вугев абун. Гьез дуда чара гьеч1ого абизе буго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абун.**

وَلَئِن سَأَلۡتَهُم مَّنۡ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ لَيَقُولُنَّ ٱللَّهُۚ قُلِ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِۚ بَلۡ أَكۡثَرُهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ٢٥

Гьезул цоги жаваб кьезе рес гьечIо. **Дуца абе: «АлхIамдулиллагь, кинабго рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго»,** Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналъул ва гьев жинца кинабго жо бижулев вукIиналъул хIужжа нужее

мухIканлъун бугелъул, кигIанго нужеца гьев Аллагьасдехун ﷻ ширк гьабулеб бугониги. **Гьел мушриказул гIемерисел жидеца пикру гьабуларел ва жидеда Аллагь ﷻ лъаларел руго.**

**26. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги.** لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡغَنِيُّ ٱلۡحَمِيدُ ٢٦
**Х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вуго жив щибго жоялда хIажат гьечIев ва жив веццаравги вуго** кинабго жоялъулъ.

**27. Гьаб дунялалда ругел киналго гъутIбузул къаламалги гьарун, гьаб дунялалда ругел ралъадал анкьго нухалъ цIикIизарун, гьелъул шакъиги гьабун хъваниги Алагьасул ﷻ калимаби ва гьесул нигIматал хъван тIубаларо.** وَلَوۡ أَنَّمَا فِي ٱلۡأَرۡضِ مِن شَجَرَةٍ أَقۡلَٰمٞ وَٱلۡبَحۡرُ يَمُدُّهُۥ مِنۢ بَعۡدِهِۦ سَبۡعَةُ أَبۡحُرٖ مَّا نَفِدَتۡ كَلِمَٰتُ ٱللَّهِۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٞ ٢٧
КигIан гIемер ругониги гъутIби тIагIула, ралъадалги ракъвала ва амма Аллагьасул ﷻ калимаби ва гьесул нигIматал жидее ахир гьечIел, жал лъугьуларел, тIагIуларел руго. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго, жиндир пишаби хIакимиявги вуго.**

**28. ТIадегIанав Аллагьасе нуж киналго рижизариги ва хун хадур нуж киналго тIаде рахъизариги цохIо напс бижи гIадин буго.** مَّا خَلۡقُكُمۡ وَلَا بَعۡثُكُمۡ إِلَّا كَنَفۡسٖ وَٰحِدَةٍۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعُۢ بَصِيرٌ ٢٨
Гьеб цо напс бижизеги Аллагьасе ﷻ щибго захIмалъи букIуларо, кинабго гIалам бижизеги Аллагьасе ﷻ гьебго хIал буго. **ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо бихьулев вуго.**

**29. Дуда бихьуларищ ва лъаларищ, я гьав инсан, х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вукIин жинца сордо къоялда жаниб лъугьизабулев ва къо сордоялда жаниб лъугьизабулевги.** أَلَمۡ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يُولِجُ ٱلَّيۡلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَيُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيۡلِ وَسَخَّرَ ٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَۖ كُلّٞ يَجۡرِيٓ إِلَىٰٓ أَجَلٖ مُّسَمّٗى وَأَنَّ ٱللَّهَ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ ٢٩
**Жинца бакъги моцIги квегъарав. Гьеб кIиябго хьвадула жидее бихьизабураб нухдаса, жидее бихьизабураб заман щвезегIан. Нужеда лъаларищ ТIадегIанав Аллагь вукIин нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда**

**лъалев** ва гьелда рекъараб жазаъ нужее гьабулевги.

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْحَقُّ وَأَنَّ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِ ٱلْبَٰطِلُ وَأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْعَلِىُّ ٱلْكَبِيرُ ﴿٣٠﴾

**30.** Гьел киналго нужеда рихьулел Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал жидеца баян гьабулел руго **гьев Аллагь ﷻ жив хIакъав БетIергьан вукIин, х1акълъунго гьев Аллагьги ﷻ тун мушрикаца жидее лагълъи гьабулел алагьзаби гьересиял, батIулал жал рукIинги. Ва гьев Аллагь ﷻ жив ТIадегIанав вукIин, жиндир ханлъи ва гуч кIудияв вукIинги баян гьабулел руго.**

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱلْفُلْكَ تَجْرِى فِى ٱلْبَحْرِ بِنِعْمَتِ ٱللَّهِ لِيُرِيَكُم مِّنْ ءَايَٰتِهِۦٓ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ﴿٣١﴾

**31. Дуда бихьуларищ я гьав инсан, х1акълъунго ралъадалда тIад гумул хьвадулел рукIин Аллагьасул ﷻ нигIматалдалъун:** нужее ралъад квегъун ва гьелда тIад хьвадулел гуми гьаризе нужеда лъазабун. **Гьелги Аллагьасул ﷻ гIаламатал руго, нужеда рихьизарулел. Гьел аятазулъги Аллагьасул ﷻ хIал кIолъиялда тIоритIел гьаби буго, кинавниги жинца сабро гьабулев ва щукру гьабулев чиясе.**

ТIадегIанав Аллагьас ралъад квегъиялъулъ, гьелда тIад хьвадулел гуми гьариялъулъ, рикIкIад сапаразда ун даран гьабун, жидее ризкъи тIалаб гьабизе квербакъиялъулъ, жидеца Аллагьасе ﷻ гIабидат гьабиялда сабру гьабулел ва Аллагьасул ﷻ нигIматазда щукруги гьабулел муъминзабазе гIаламатал руго ва хIужжаби руго Аллагь ﷻ цо вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел. Гьел гIаламатазул пикру гьабун муъминзабазул иманги цIик1кIула, гьез гьабулеб гIибадат ва щукруги г1емерлъула.

وَإِذَا غَشِيَهُم مَّوْجٌ كَٱلظُّلَلِ دَعَوُا۟ ٱللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ فَلَمَّا نَجَّىٰهُمْ إِلَى ٱلْبَرِّ فَمِنْهُم مُّقْتَصِدٌ ۚ وَمَا يَجْحَدُ بِـَٔايَٰتِنَآ إِلَّا كُلُّ خَتَّارٍ كَفُورٍ ﴿٣٢﴾

**32. Аллагьасдехун ﷻ ширк гьабулел гIадамал гамида рекIун ральдада тIад хьвадулеб мехалъ ва гьеб ралъадги багъарун мугIрул гIадал карачелал жидеда тIад рачIараб мехалъ гьез ахIи балеб буго цохIо Аллагьасда ﷻ** ва гьесда хьул лъолеб буго жал хвасар гьариялда. Гьезда лъалеб букIиналъе гIоло гьеб хIалалдаса жал хвасар гьаризе кIолев цоги щивго чи гьечIеблъи, жидер алагьзабиги гьезул ахIи рагIуларел рукIин.

**Цинги Аллагьас ﷻ хвасар гьарун жал ракъдаде щвараб мехалъ**

**гьезул цо къокъа жидеца Аллагьасда** ﷻ **бараб ахIи ракIалда щолел, гьесда иман лъолел руго,** амма гьезул гIемерисел Аллагьасда ﷻ инкар кколел, жал гьес хвасар гьаруураблъи кIочолелги руго. **Жидеда дир гIаламатал рихьун хадурги гьезда инкар кколаро цIакъго купру-ширкалъулъ тIерхьарав, жиндир хIила-макро бергьарав чияс гурони.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱتَّقُواْ رَبَّكُمْ وَٱخْشَوْاْ يَوْمًا لَّا يَجْزِى وَالِدٌ عَن وَلَدِهِۦ وَلَا مَوْلُودٌ هُوَ جَازٍ عَن وَالِدِهِۦ شَيْـًٔا ۚ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ ۖ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا وَلَا يَغُرَّنَّكُم بِٱللَّهِ ٱلْغَرُورُ ﴿٣٣﴾

**33. Я гьал гIадамал! Нуж хIинкъа БетIергьан Аллагьасдаса** ﷻ**. Гьесда гIасилъизе хIинкъа ва гьеб къиямасеб къоялъул гIазабалдасаги хIинкъа: жиндилъ инсуе жазаъ гьабулареб васас гьабураб гIамал сабаблъун ва васасеги жазаъ гьабулареб инсул гIамал сабаблъун.**

Гьезул цоцазе кумек гьабизе ресги букIулареб, гьел цоцазде рег1унги рук1улареб.

**Х1акълъунго Аллагьасул къотIи хIакъаб буго** тIаде рахъизаризе руго абураб, ахираталда кири ва гIазаб букIизе буго абурабги. **Гьедин бугелъул нуж дунялалъул чIаголъиялъе гуккизе ч1оге ва нуж гуккизе чIоге жинца гуккулеб щайтIаналъул макроялъе.** Аллагь ﷻ гурхIулев вуго, гьев тIаса лъугьулев вугоян абун, щайтIаналъ нуж мунагьазулъ ва Аллагьасда ﷻ гIасилъиялъулъ чIезарула, тавбо гьабизе ва лъик1аб г1амал гьабизе к1вах1ал гьарула.

إِنَّ ٱللَّهَ عِندَهُۥ عِلْمُ ٱلسَّاعَةِ وَيُنَزِّلُ ٱلْغَيْثَ وَيَعْلَمُ مَا فِى ٱلْأَرْحَامِ ۖ وَمَا تَدْرِى نَفْسٌ مَّاذَا تَكْسِبُ غَدًا ۖ وَمَا تَدْرِى نَفْسٌۢ بِأَىِّ أَرْضٍ تَمُوتُ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌۢ ﴿٣٤﴾

**34. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндаго аскIоб бугев,** халкъалда загьир гьабичIого тарав, **къиямасеб къо кида чIолеблъи, Аллагьас** ﷻ **цIадги рештIизабула жиндие бокьараб гIужалъ ва жиндие бокьарб бакIалда.**

**Аллагьасда** ﷻ **лъала эбелалъул чохьониб бугеб жоги.** Бихьинабищ цIуябищ бугеб, цойищ яги гIемерищ бугеб, чIагойиш гьабулеб, яги хварабгойищ гьабулеб.

**Цониги напсалда лъаларо жинца метер щиб жо гьабизе бугебги.** Гьесул анищал рукIуна батIи-батIияб иш гьабизе, амма Аллагьасул ﷻ къотIи-къадар гьесул анищазда данде кколаро ва Аллагьасул ﷻ хIукму билълъанхъула, гьев чиясул анищалги чIорого хутIула.

**Гьединго цоники напсалда лъаларо жиб щиб ракьалда хвезе бугеблъиги. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев,**

**гьелъул загьирги батIинги лъалев, гьитIинабги кIудиябги жо лъалев.**

Гьаб аяталда жанир рицун руго Аллагьасе ﷻ гурони жидер хIакъикъат лъалареб щуго жо. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIумаридаса бицараб хIадисалда Буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гъайибаб (балъгояб) жоялъул кIулал щуго руго, гьел лъаларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. Метер букIинесеб жо лъаларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. Къиямасеб къо кидал чIолебги лъаларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. РахIмоялда (эбелалъул тIончIорукъоб) жаниб бугеб жоги лъаларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. ЦIад кидал балеблъиги лъаларо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони. Цониги напсалда лъаларо жиб щиб ракьалда хвезе бугеб цохIо Аллагьасда ﷻ гурони»*- абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун сурату Лукъманалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 32. Сурату Ссаждат

سُورَةُ السَّجْدَةِ

*Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб лъеберго аят бугеб.*

*Гьаб сурат Маккаялда рештIизабураб бугелъул, гьалда жаниб бицунеб жоги гIакъидаялъул масъалаби руго: Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIухъ гьари, ахираталда ва хIисаб-мизаналда иман лъеялъул бицунеб буго. Мушрикаца жинда инкар кколеб ва гьез дагIба-къец гьабулеб хун хадур тIаде рахъизариялъул бахIс буго сураталъул аслияб масъала.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе мугIжизатлъун бугеб Къуръаналда сверухъ капурзабаца ва мушриказ рижизарулел шубгьаби (щаклъаби) нахъчIван, баянал хIужаби ва далилал рачун, Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин тасдикъ гьабулеб буго.*

*ТIадегIанав Аллагьас бижараб махлукъаталъул мисалал рачун, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда ва гьесул хIалкIолъиялда инсан кантIизавулев вуго. Сураталда цIар лъун буго «Суждаялъул сурат» абун, гьелда жанир муъминзабазул сипатал рицун гьезие рецц гьабун букIиналъ: «Жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ аятал рагIараб мехалъ гьел муъминзаби суждаялда уна ва жидеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбихIги гьабула, гьел чIухIуларо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ сужда ва тасбихI гьабизе»-абун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

الٓمٓ ١

**1. Алиф. Лам. Мим.**

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупаздалъун бугеб жиндир мурад. Гьал хIурупал руго жидедаса Къуръан данде гьабурал, нужер гIарабияб каламги гьездаса данде гьабун бугеб гIадинго. Нужеда кIвечIеб мехалъ гьаб Къуръаналда релълъараб жо гьабизе, гьелдалъун баянлъулеб буго гьаб Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин, гьеб инсанас данде гьабураб жо гьечIеблъи (мунтахаб).

تَنزِيلُ ٱلۡكِتَٰبِ لَا رَيۡبَ فِيهِ مِن رَّبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢

**2. Гьаб дуда вахIю гьабулеб бугеб Къуръан, я МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, щибго щаклъи гьечIого кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ**

**рештIизабулеб гьесул калам буго.**

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ ۚ بَلْ هُوَ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّكَ لِتُنذِرَ قَوْمًا مَّآ أَتَىٰهُم مِّن نَّذِيرٍ مِّن قَبْلِكَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ﴿٣﴾

**3. Маккаялъул мушрикаца абулебищ бугеб гьеб Къуръан МухIаммадица** ﷺ **жинцаго ургъун цIалулеб жо бугин абун? Гьедин гьечIо амру. Гьеб Къуръан буго дур БетIергьан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан бугеб хIакъаб калам. Гьелдалъун дуца хIинкъи кьезе жегиги жидехъе дудаса цеве авараг** ﷺ **вачIинчIеб къавмалъе.**

Дудаса цеве жидехъе авараг вачIинчIел гIарабиязе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, гьез хъанчие лагълъи гьаби течIони ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гIицI гьабичIони. Мун авараглъун витIун, дуда Къуръанги рештIизабун, дур дагIват босун, **гьеб къавм хIакъаб исламияб диналда тIоритIизе бокьун.**

Гьав МухIаммад авараг ﷺ витIун вуго ва гьаб Къуръан рещтIизабун буго Г1иса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ хадуб авараг гьечIого гьоркьоб гIемер заман ун, диналдаса буссун бугеб халкъ исламияб диналде ахIизе, цебеккун жидехъе тIехь рещтIизабурал умматалги гьав МухIаммад ﷺ аварагасда нахърилълъизе.

ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ ٱسْتَوَىٰ عَلَى ٱلْعَرْشِ ۖ مَا لَكُم مِّن دُونِهِۦ مِن وَلِىٍّ وَلَا شَفِيعٍ ۚ أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ ﴿٤﴾

**4. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго нужер БетIергьан, жинца анлъго къоялда жаниб зобалги ракьги бижарав ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги бижарав. Цинги жив гIарщалда тIадегIанлъана** жиндир заталда рекъараб, инсанасе сипат гьабун бицине лъалареб хIалалъ. **Нужее, гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гурев, цоги вали гьеч1о, нужер умуразул тадбир гьабулев, нужее квербакъи гьабулев ва шапагIат гьабулев чиги гьечIо. Гьаб амру гьадин букIин бичIчIуларищ нужеда** ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда иман лъун, гьесие гIибадат гьабуларищ?

يُدَبِّرُ ٱلْأَمْرَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ إِلَى ٱلْأَرْضِ ثُمَّ يَعْرُجُ إِلَيْهِ فِى يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهُۥٓ أَلْفَ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّونَ ﴿٥﴾

**5. ТIадегIанав Аллагьас зобалаздаса амру рещтIизабула ракьалда.** Жинца бижараб кинабго махлукъаталъул хIукму-къадар гьабула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. **Къиямасеб къоялъ гьеб кинабго амру ва хIукму Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **буссула, гьес х1укму ва жаза гьабизе.** Гьеб къиямасеб къоги цIакъ халатаб къо буго: **нужеца рик1кIунеб азарго**

**сонгIан халатаб буго гьеб къо.**

ذَٰلِكَ عَٰلِمُ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ۝٦

6. **Гьев** кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев **Аллагь** ﷻ **жинда кинабго жо лъалев вуго: загьирабвагъаибияб(бальгояб,рикIкIадаб) жоги цохIо хIалалъ лъалев вуго Аллагь** ﷻ**. Жиндир гуч бергьарав ва жив цIакъ гурхIулевги вуго.** Жинда гIасилъараздаса ццим босизе кIолев вуго, жинда мутIигIлъаразе гурхIел-рахIму гьабулевги вуго.

ٱلَّذِىٓ أَحْسَنَ كُلَّ شَىْءٍ خَلَقَهُۥ ۖ وَبَدَأَ خَلْقَ ٱلْإِنسَٰنِ مِن طِينٍ ۝٧

7. **Жинца кинабго жоялъул бижин цIакъ мухIканго гьабурав вуго гьев Аллагь** ﷻ**, инсанасул вижиналъул байбихьи хIарщалдаса гьабуравги вуго.**

ثُمَّ جَعَلَ نَسْلَهُۥ مِن سُلَٰلَةٍ مِّن مَّآءٍ مَّهِينٍ ۝٨

8. **Цинги гьев инсанасул наслу гьабуна жиб цIакъ загIипаб лъималдаса:** манидал къатIраялдаса рижулеллъун гьаруна Адамил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ наслу.

ثُمَّ سَوَّىٰهُ وَنَفَخَ فِيهِ مِن رُّوحِهِۦ ۖ وَجَعَلَ لَكُمُ ٱلسَّمْعَ وَٱلْأَبْصَٰرَ وَٱلْأَفْـِٔدَةَ ۚ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ۝٩

9. **Цинги** эбелалъул рахIмоялда жанир **гьев инсанасул киналго лугби камил гьарун рижана Аллагьас** ﷻ **ва гьеб къаркъалаялъулъ жиндир рахъалъан рухIги лъуна.**

Инсанасул чорхолъ Аллагьасул ﷻ рухIалдаса рухI лъуна абураб рагIи буго инсан цIакъ хира гьавураб ва кIодо гьавураб рагIи.

**Аллагьас** ﷻ **нужее канлъи бихьулеб бер гьабуна, гьаракь рагIулеб гIинги гьабуна, кинабго жоялъул пикру тадбир гьабулеб ракIги гьабуна. Ва амма гIадамазда гьоркьор цIакъ дагь гурони гьечIо** жидеда гьеб хIакъикъат бичIчIулел **ва гьал кIудиял нигIматазде данде Аллагьасе** ﷻ **щукру гьабулел.** Гьел нигIматазе щукру гьаби буго Аллагьас ﷻ рижарал лугбал Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, гьесул амру-нагью тIубан хьвадизари. Аллагьас ﷻ жидее нигIматлъун кьурал лугбаздалъун гьесде гIасилъунгутIи.

وَقَالُوٓا۟ أَءِذَا ضَلَلْنَا فِى ٱلْأَرْضِ أَءِنَّا لَفِى خَلْقٍ جَدِيدٍۭ ۚ بَلْ هُم بِلِقَآءِ رَبِّهِمْ كَٰفِرُونَ ۝١٠

10. **Маккаялъул инкарчагIаца абуна: «Ниж хун ва ракьлъун лъугьун, гьеб ракьгун журан рилараб мехалъ, х1акълъунго цIидаса рижизаризейищха ругел?» - абун.**

**Гьел гIадамал руго жидеца ахират букIиналда ва гьенир**

**Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ дандчIвазе рукIиналда инкар кколел.**

**11. Дуца гьезда абе, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ: «Нуж хвезаризе руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер рухIал росизе вакил гьавурав малаикас ва нужер БетIергьан Аллагьасде руссинаризе руго.** ۞قُلْ يَتَوَفَّىٰكُم مَّلَكُ ٱلْمَوْتِ ٱلَّذِى وُكِّلَ بِكُمْ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُمْ تُرْجَعُونَ ﴿١١﴾

ХIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе».

Гьеб къиямасеб къоялъ Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ инкар ккун ва ахираталде иман лъечIого рукIарал гIадамазул букIунеб хIал бицун, ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**12. Дуда бихьизе бугебанищха, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, гьел капурзаби бутIрулги гIодор дализарун жидер БетIергьан Аллагьасда цере чIун рукIунеб къо!** وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلْمُجْرِمُونَ نَاكِسُوا۟ رُءُوسِهِمْ عِندَ رَبِّهِمْ رَبَّنَآ أَبْصَرْنَا وَسَمِعْنَا فَٱرْجِعْنَا نَعْمَلْ صَـٰلِحًا إِنَّا مُوقِنُونَ ﴿١٢﴾

Гьеб къоялъ жидеца ахираталда инкар ккун рукIарал гIадамаз абула: **«Я нижер БетIергьан, гьанже нижер беразда бихьана** гьаб ахират хIакъаб жо букIин, **нижер гIундуздаги рагIана** ниж аварагзабаца عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ жинде ахIулел рукIараб жо. **Дуца ниж дунялалде руссизаре мун разияб лъикIаб гIамал гьабизе,** дуе тIагIат-гIибадат гьабун хьвадизе. **Гьанже нижее якъинго** (мух1канго) **лъана Мун кинабго махлукъаталъул хIакъав БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вукIин, гьаб ахираталъул амруги хIакъаб жо букIин.** Дуца хвезарулеблъи ва чIаго гьарулеблъи, дуца жазаъ гьабулеблъиги якъинлъана нижее» - абун.

Ва амма гьел дунялалде тIад руссизаруларо, гьезул мукIурлъиялъ жидее щибго мунпагIатги гьабуларо. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъала тIад руссизарун дунялалде риччаниги гьез добго купру-ширк гьабулеблъи. Гьезул рагIи нахъчIван, тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**13. Дие бокьун букIарабани дица кинабниги напс иманалда тIобитIараблъун гьабилаан.** وَلَوْ شِئْنَا لَـَٔاتَيْنَا كُلَّ نَفْسٍ هُدَىٰهَا وَلَـٰكِنْ حَقَّ ٱلْقَوْلُ مِنِّى لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنَ ٱلْجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ أَجْمَعِينَ ﴿١٣﴾

Гьеб дир хIалкIольиялда бугеб иш буго. Амма дир хIикматалда рекъон дица гIадамал иман лъезе ва иман лъечIого букIине ихтияралда тана. Гьез гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе къотIиги гьабуна. **Ва кинниги Дица хIакъаб,** жиндие хиси ва хилиплъи гьечIеб **къотIи гьабуна:** иман лъурал алжаналде лъугьизарилин, дида гIасилъарал, иман лъезе чIухIун купру-ширкалда чIарал, **гIадамалги жиндулги жанире рехун**

**жужахIги цIезабилин абун.**

فَذُوقُوا۟ بِمَا نَسِيتُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَآ إِنَّا نَسِينَٰكُمْ ۖ وَذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْخُلْدِ بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٤﴾

14. Гьеб жужахIалде жанире рехун хадуб, гьезул ракI унтизабун, керен туризабун, абула: **«Гьанже чIаме нужеца гьаб жужахIалъул гIазаб; дунялалда ругеб мехалъ нужее ахират букIин кIочон букIиналда данде жазаълъун. Х1акълъунго жакъа дида нужги кIочон тезе руго даимабго гIазабалъулъ. Гьаб абадияб гIазаб чIаме нужеца дунялалда гьабураб гIамалалъухъ жазаълъун» - абун.**

ТIадегIанав Аллагьас жинде гIасилъараб къавмалъул бицен гьабун ва гьезул ахираталда букIунеб гIодобегIанаб хIал баян гьабун хадуб, жинда иман лъун, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьарун хьвадарал муъминзабазе ахираталда букIунеб даража-макъам бицун абулеб буго:

إِنَّمَا يُؤْمِنُ بِـَٔايَٰتِنَا ٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِّرُوا۟ بِهَا خَرُّوا۟ سُجَّدًا وَسَبَّحُوا۟ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ ۩ ﴿١٥﴾

**15. Х1акълъунго Дир Къуръаналда иман лъурал руго жидее гьелдалъун вагIза гьабураб мехалъ** гьеб вагIза босулел, **жал Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мутIигIлъун, гьесие сужда гьабун гьумералда гIодорги кколел. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тасбихI гьабун гьесие рецц гьабулел ва Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабизе жал чIухIуларел,**

<u>Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе суннатаб буго.</u>

تَتَجَافَىٰ جُنُوبُهُمْ عَنِ ٱلْمَضَاجِعِ يَدْعُونَ رَبَّهُمْ خَوْفًا وَطَمَعًا وَمِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ يُنفِقُونَ ﴿١٦﴾

**16. жидеца, сардил макьу тун, хинаб бусеналдаса хьибил тIаде борхулел ва** Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабизе тIаде рахъулел.
**Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъун ва гьесда хьуллъун дугIа гьабулел. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее ризкъилъун кьураб боцIи-малалдаса гьев разилъи тIалаб гьабун садакъа ва напакъа кьолел г1адамал.**

فَلَا تَعْلَمُ نَفْسٌ مَّآ أُخْفِىَ لَهُم مِّن قُرَّةِ أَعْيُنٍ جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٧﴾

**17. Цониги напсалда кIоларо ТIадегIанав Аллагьас жив разиял муъминзабазе ахираталда кьолел нигIматазе къимат гьабизе, гьезул сипат гьабизе.**
**Гьел нигIматал Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **кьола дунялалда Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо гьавун, гьев разилъи бокьун гьабураб гIамалалъе жазаълъун.** Ахираталда алжаналда жанир рукIулел нигIматал дунялалъул

нигIматазда релълъарал гьечIо, гьезул цIарал нилъеда лъаниги, тIагIамлазат бицизе лъаларо.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бугеб х1адис бицун абуна: ТIадегIанав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абуна: *«Дица дун разиял лъикIал лагъзадерие хIадурун буго гьезул беразда бихьичIеб, гьезул гIинazда рагIичIеб, гьезул ракIазда хъатIичIеб нигIмат»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Алжаналде лъугьарал гIадамазе нигIматал кьола нахъаса къот1уларел, гьезул ретIелги туруларо, гьезул гIолохъанлъиги тIаса унаро»*- абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нилъер БетIергьан гIажаиблъула кIиго чиясда: цо чи вуго жиндир хинаб бусен тун, жиндие бокьараб хъизан-агьлуги тун тIаде вахъун как балев. Гьесул х1акъалъулъ Т1адег1анав Аллагьас абула: «я дир малаикзаби, нуж балагье гьав дир лагъасда, гьав дие как базе т1аде вахъана жиндир бусеналдаса, жиндие бокьараб агьлуялдаса, дидасан бугеб лъикIлъиялда хьул лъун ва дир гIазабалдаса хIинкъун»-абун.*

*Цоги чи вуго Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе гIоло гъазаваталда вугев: жиндир гьалмагъзаби тущманасдаса хIинкъун лъутараб мехалъ живги лъутулев вукIарав. Цинги жинда лъарав рагъдаса лъутиялда жаниб бугеб кIудияб мунагь, жив рагъде вуссани жиндие бугеб алжанги. Цинги жив тIад вуссун тущманасда вагъарав, жиндир би гIодобе тIезегIан. ТIадегIанав Аллагьас абула: «Я дир малаикзаби, нуж балагье гьав дир лагъасда, гьав вагъизе тIад вуссана дида аскIоб бугеб лъикIлъиялда хьул лъун ва дир гIазабалдаса хIинкъун*»-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв МугIаз ибну Жабалидаса бицараб хIадисалда буго: *«Дун сапаралда вукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ. Цо къоялъ дун гьесде гIагардегIан ккана ва нижж кIиявго цадахъ унаго дица абуна: «Я Набиюллагь* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ*! Дуца дида бице жинца дун алжаналда лъугьизавулеб ва жужахIалдаса рикIкIад гьавулеб гIамал щиб бугеб?» - абун. Аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «Дуца цIакъ кIудияб амруялдасан гьикъана. Амма Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *бигьа гьабурав чиясе гьеб цIакъ бигьаяб амру буго. Дуца Аллагьасе* جَلَّجَلَالُهُ *гIибадат гьабе, гьеб гIибадаталъулъ щибго жо ширк гьабичIого. Дуца какги бай, закагIатги кье, Рамазан моцIалъ кIалги ккве, КагIба рукъалда хIежги гьабе»-абун. Хадубги аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *абуна: «Дица мун тIовитIилищ лъикIал*

*ишазул рагъабазда? КIал кквей буго жинца цIаялдаса хвасар гьабулеб жо, садакъаялъ квешал гIамалал свинарула (тIагIизарула). Сардилъ тIадеги вахъун инсанас балеб как буго бищунго лъикIаб гIамал»-абун. Цинги аварагас ﷺ гьаб кIиго аят цIалана (16-17 аят), хадубги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*
*«Дица дуда бицилищ кинабго жоялъул бетIер щиб бугеб, гьелъул хIубал щал ругел, гьелъул борхалъиялъул тIогьиб бакI щиб бугеб?»- абун. Дица абуна: «Бице, я расулуллагьи»-абун. Аварагас ﷺ абуна: «Кинабго жоялъул бетIер ислам буго, гьелъул хIубал как бай буго, гьеб амруялъул борхалъиялъул тIогьиблъи Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьаби буго»-абун.*
*Хадубги аварагас ﷺ абуна: «Гьеб кинабго жоялъул хан щиб бугеб бицинищ дуда?»- абун. Дица абуна: «Бице, я набиюллагьи»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир мацI ккуна ва абуна: «Дуца гьаб мацI ккве дуего»-абун (ай мацIалдалъун мунагьал гьаруге). Дица абуна: «Я, расулуллагьи ﷺ! МацIалъ гьабураб жоялъулги гIакъубайищ букIунеб?»-абун. Аварагас ﷺ абуна: «Вай дур эбел гIодаяв МугIаз! ЖужахIалда жанир гьумералда гIадамал ккезарулеб жо мацIалъ гьабураб жо гуреб цоги щиб жо бугеб?»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Пикру гьабулев чиясе цох1о гьаб х1адисги г1ела гьелда г1амал гьабун Аллагь ﷻ разилъи т1алаб гьабизе. Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги лъикIаб гIамал гьабизе.

**18. ТIадегIанав Аллагьасда иман лъун лъикIаб гIамалалда хьвадарав чиги,** أَفَمَن كَانَ مُؤْمِنًا كَمَن كَانَ فَاسِقًا لَّا يَسْتَوُۥنَ ﴿١٨﴾
**жинца купру-ширк ва пасикълъи гьабулев чиги Аллагьасда ﷻ аскIор ращад рукIунищха** жидее ахираталда гьабулеб жазаалъулъ? **РукIуларо гьел ращад** ва Аллагьас ﷻ щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула.

Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб бицана: Г1алиасхIабасда ﵁ ва ГIукъбатил Валидида гьоркьоб цо дагIба букIана. Валидица Г1алиасхIабасда ﵁ абуна: «Мун вуцIцIухIун чIа! Мун гьитIинав чи вуго. Валлагьи, дун дудасаги мацI лебалав вуго, дудаса ракI бахIарчиявги вуго, гIагарлъи ва тухум кIудиявги вуго»-абун. Г1алиасхIабас ﵁ абуна: «Мунго вуцIцIухIун чIа, мун вуго пасикъав чи»-абун.

Пасикъав чи абураб рагIиялъул маг1на буго жиндир квешлъи ва къабихIаб пиша гIемерав чи абураб. Капурчиясдаги пасикъав чи абула, гьес Аллагьасда ﷻ инкар кквей къабихIаб, ахIмакъаб пиша бугелъул. Пасикъавги муъминавги чиясе ахираталда бугеб батIалъи

бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

أَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَلَهُمۡ
جَنَّٰتُ ٱلۡمَأۡوَىٰ نُزُلَۢا بِمَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٩

**19. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал руссулеб бакI алжан буго.**
**Гьеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хIадур гьабун бугеб гьоболлъи, гьез гьабураб лъикIаб гIамалалъе жазаълъун.**

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ فَسَقُواْ فَمَأۡوَىٰهُمُ ٱلنَّارُۖ كُلَّمَآ
أَرَادُوٓاْ أَن يَخۡرُجُواْ مِنۡهَآ أُعِيدُواْ فِيهَا وَقِيلَ لَهُمۡ
ذُوقُواْ عَذَابَ ٱلنَّارِ ٱلَّذِي كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ٢٠

**20. Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъарал пасикъал гIадамазул руссулеб бакI жужахI буго. Гьезие жужахIалдаса къватIире рахъизе бокьанщинахъе, жужахI хьихьун тарал забаниятаца гьел,** бутIрул рухун, **гьелде жанире руссизарула ва гьезда абула: «Нужеца чIаме гьаб жужахIалъул гIазаб, нужеца гьереси гьабулеб букIараб ва гьелда иман лъолеб букIинчIеб» - абун.**

وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنَ ٱلۡعَذَابِ ٱلۡأَدۡنَىٰ دُونَ
ٱلۡعَذَابِ ٱلۡأَكۡبَرِ لَعَلَّهُمۡ يَرۡجِعُونَ ٢١

**21. Дица гьел капурзабазда гьаб дунялалъул гIазабги чIамизабичIого толаро, ахираталда кIудияб гIазаб чIамизабилелде цебе, гьел кантIилародаян ва гьез тавбу гьабун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавилародаян абун.**

وَمَنۡ أَظۡلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ثُمَّ
أَعۡرَضَ عَنۡهَآۚ إِنَّا مِنَ ٱلۡمُجۡرِمِينَ مُنتَقِمُونَ ٢٢

**22. Щив чиха вукIинев жиндир зулму кIудияв жиндие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръаналдалъун вагIза гьабураб мехалъ гьеб къабул гьабичIого, гьелда мугъ бан чIарав чиясдаса?**
**ХIакълъунго дица рецIел босизе буго дида гIасилъарал, дир Къуръан гьереси гьабурал, дир авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ махсароде гьавурал гIадамаздаса.**

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا مُوسَى ٱلۡكِتَٰبَ فَلَا تَكُن فِي
مِرۡيَةٖ مِّن لِّقَآئِهِۦۖ وَجَعَلۡنَٰهُ هُدٗى لِّبَنِيٓ
إِسۡرَٰٓءِيلَ ٢٣

**23. ХIакълъунго, дица Муса аварагасухъги عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ кьуна тIехь. Мун щибго щаклъуге, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, гьаб дуде вахIю гьабулеб Къуръан** Муса аварагасе عَلَيۡهِٱلسَّلَامُ кьураб Таврат гIадаб тIехь букIиналда.
**Дица Таврат гьабун букIана бануисраилал тIоритIулеблъун,** гьезда хIакъаб исламияб дин лъазабулеблъун.

وَجَعَلۡنَا مِنۡهُمۡ أَئِمَّةٗ يَهۡدُونَ بِأَمۡرِنَا لَمَّا

**24. Дица бануисраилаздаса имамзаби**

صَبَرُوا۟ وَكَانُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا يُوقِنُونَ ﴿٢٤﴾

**гьаруна:** жидеца Аллагь ﷻ цо гьавурал, Тавраталда бугеб жо хисизабичIого гьелда гIамалги гьабулел, **жидеда муъминзабиги нахърилълъулел.**

Гьел лъикIал гIадамал имамзабилъун гьаруна дица, **гьез сабру гьабидалго дица рещтIизабураб Тавраталда гIамал гьабиялда ва гьеб сабаблъун жидеда щвараб къварилъиялдаги. Гьел рукIана жидеца дир аятазда якъинго иман лъолел.**

Гьаб аяталда жаниб Маккаялъул къурайшиязе ишара буго гьел МухIаммад аварагасе ﷺ мутIигIлъани ва Къуръаналда гIамал гьабун хьвадани, гьезулги Аллагьас ﷻ гIадамазе имамзаби гьарилин абун.

إِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَـٰمَةِ فِيمَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿٢٥﴾

**25. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь вуго, МухIаммад ﷺ, жинца къиямасеб къоялъ капурзабиги муъминзабиги ратIа гьарулев ва гьел жиндилъ хилиплъун рукIараб диналъул амруги гьезие баян гьабулев.**

Жинда иман лъун, ахират ритIухъ гьабун хьвадарал муъминзаби Аллагьас ﷻ алжаналда лъугьизарула. Жинда инкар ккурал, авараг ﷺ гьереси гьавун, ахираталде иман лъечIого хьвадарал залимзаби гIодорегIан гьарун жужахIалде рехула.

أَوَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا مِن قَبْلِهِم مِّنَ ٱلْقُرُونِ يَمْشُونَ فِى مَسَـٰكِنِهِمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ ۖ أَفَلَا يَسْمَعُونَ ﴿٢٦﴾

**26. Гьал мушриказда лъаларогонищ бугеб кигIан гIемерал умматал Дица гьалаг гьарурал** гьез Дир аварагзаби عليهم السلام гьереси гьарураб мехалъ.

**Гьел мушрикал жидер сапаразулъ хьвадулел руго гурищ гьел гIадамал яшав гьабун рукIарал, гьездаса нахъе хутIарал, чIунтарал росаби къот1ун. ХIакълъунго гьел умматал гьалаг гьариялъулъ ва гьез нахъе тараб асаралъулъ гIаламатал руго Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда. Гьаб Къуръан рагIулареб щай Маккаялъул мушриказда?** Гьез пикруги кин гьабулареб ва вагIзаги щай босулареб?

أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّا نَسُوقُ ٱلْمَآءَ إِلَى ٱلْأَرْضِ ٱلْجُرُزِ فَنُخْرِجُ بِهِۦ زَرْعًا تَأْكُلُ مِنْهُ أَنْعَـٰمُهُمْ وَأَنفُسُهُمْ ۖ أَفَلَا يُبْصِرُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда инкар кколел гIадамазда бихьуларогонищ бугеб ХIакълъунго Дица бакъвараб, бихъ-бихъараб ракьалда тIад**

**лъим тIолеблъи:**
зодиса цIад базабун, мугIруздаса гIазул ва лъималъул лъарал чвахизарун. **Гьеб лъималдалъун дица гьезие ракьалдаса къватIибе бижизеги гьабула батIи-батIияб хур-хер ва пихъал. Гьеб ризкъи кванала гьез ва гьезул хIайваназги. Гьаб иш кин гьел инкарчагIазда бихьулареб** ва гьелъул пикру гьабун жидеца иманги щай лъолареб?

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْفَتْحُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٢٨﴾

**28. Дуда ва муъминзабазда Маккаялъул мушриказ гьикъулеб буго кидаха букIизе бугеб нужее Аллагьас ﷻ къотIи гьабураб бергьенлъи, нуж битIараб бицунеллъун ратани-абун.**

Гьелда божичIого, муъминзаби махсароде гьарун абулеб рагIи буго гьеб. Муъминзабаца абураб мехалъ тIадегIанав Аллагьас нужедаги нижедаги гьоркьоб хIукму гьабизе бугин, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе бугин абун, мушрикаца абулеб букIана рачIаха нужерго гIазабги бачун абун. Гьезие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

قُلْ يَوْمَ ٱلْفَتْحِ لَا يَنفَعُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِيمَٰنُهُمْ وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ ﴿٢٩﴾

**29. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, муъминзабазе квербакъи гьабизе бугин абураб Аллагьасул ﷻ къотIи т1аде бач1араб мехалъ,**
**капурзабазе щибго мунпагIат гьабизе гьечIо гьезул иман лъеялъ ва гьел нахърахъун тезе гьечIо жидее гIазаб гьабичIого.** Тавбо гьабизе ва лъикIаб гIамал гьабизе гьезие заман букIуларо ва гьезие хIакълъараб гIазаб гьабичIогоги толаро.

فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَٱنتَظِرْ إِنَّهُم مُّنتَظِرُونَ ﴿٣٠﴾

**30. Мун гьел мушриказдаса вуссун чIа, МухIаммад ﷺ, ва гьезда кинаб гIазабдай щвела абун балагьун чIа!**
**ХIакълъунго гьелги балагьун чIун руго муъминзабазе гIазаб ва къварилъи бачIиналда.**
Гьаб сурат Маккаялда рещтIизабураб бугелъул, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас ﷻ сабру гьабеян абулеб букIана мушрикаца гьабулеб къварилъиялдаги гьезухъе исламияб дин щвезабиялдаги. Мадинаялде щун хадур гурони рагъул аятал рещтIизарич1о ва исламияб диналде данде чIарал, гьелъие зарал гьабулел гIадамазда рагъ баян амру гьабичIо.

Гьаб сурату Саждаталъул хиралъи бицун жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас*

*гьаб сурат цIалулеб букIана рузман къоялъул рогьалил какилъ»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабиридасан бицараб хIадисалдаги буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагкьижулев вукIинчIо жинца «сурату Саждат» ва «суратул Мулк» цIалун гурони*-абун. (гьеб буго 67 аб. сурат). Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Ссаждаялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц цохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

## 33. Суратул АхIзаб

سُورَةُ الأَحْزَابِ

*Мадинаялда рещтIизабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила лъабго аят бугеб.*

*Гьаб сурат буго жинда жаниб исламияб умматалъул шаргIиял масъалаби рицунеб. Бусурбабазул гIаммаб чIаголъиялда, хъизамалъул ва цохIо чиясул чIаголъиялдаги жинца щвей гьабулеб. Жагьилиял гIадатал ва игIтикъадал батIул гьарун, гьезул бакIалда шаргIиял хIукмаби баян гьарулел руго гьалда жанир.*

*Исламиял адабал ва малъа-хъваял гьарулел руго: гIаврат бахчи гIадаб, жий ячине бегьулев чиясдаса гьумер бахчи гIадаб, бертин гьаби гIадаб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда хассал адабалги рицун руго.*

*Жагьилияб заманалда букIараб васлъун кквей, зигьар гьаби, ирс боси гIадал хIукмаби хвезарун, гьезул бакIалда шаргIалъул хIукму бицун буго. Аварагасда ﷺ свалат битIиялъул адаб, шаргIияб черх бахчулеб ретIел ретIиялъулги баян буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ва гьесул асхIабзабаца гьарурал гъазаватазулги баян буго гьаб сураталда жаниб. Хандакъалъул гъазават, Банукъурайзатазда гьабураб гъазаваталъул бицун буго. Гьел гъазаватал гьарулеб мехалъ мунапикъзабазул букIараб хIал бицун, гьезул макруялдаса цIуни баян гьабун буго. Сурат байбихьулеб бакIалда ва сураталъул ахиралдаги гьел мунапикъзабазул лъикIаланго бицен гьабун буго, муъминзабазда гьезул хIал балъго хутIулареб хIалалда. Гъазават гьабулеб мехалъ Аллагьас جل جلاله муъминзабазе квербакъи гьабиги бицун буго малаикзаби рещтIизариялдалъун, цIорораб гьури битIиялдалъунги.*

*Сураталда цIар тун буго «суратул ахIзаб»-къокъабазул сурат абун, гьалда жаниб Мадинаялда сверухъ ругел киналго капурзабазул къокъаби данделъун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде ва гьесул асхIабзабазде رضي الله عنهم данде рахъиналъул бицен букIин сабаблъун.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Я гьав Аллагьасул авараг ﷺ! Мун Аллагьасдаса جل جلاله хIинкъа гьесда гIасилъизе ва мун капурзабазулги мунапикъзабазулги**

يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ اتَّقِ اللَّهَ وَلَا تُطِعِ الْكَافِرِينَ وَالْمُنَافِقِينَ ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١﴾

**хабаралда мутIигIлъуге:**
гьезул аллагьзабазда гIайиб чIваге абураб рагIиялъулъ ва гьездехун хIал рекъезабун вукIа абураб рагIиялъульги. **ХIакълъунго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго гьел капурал ва мунапикъал гIадамазул хIал ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадлу битIарав, маслихIат бугеб жо гьабулев вуго.**

وَٱتَّبِعۡ مَا يُوحَىٰٓ إِلَيۡكَ مِن رَّبِّكَۚ إِنَّ ٱللَّهَ
كَانَ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٗا ٢

**2. Мун нахъвилълъа, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, дур БетIергьанас дуда вахIю гьабураб Къуръаналда.**
**ХIакълъунго Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинда лъалев нужеца гьабулеб кинабго гIамал.** Ва гьесда щибго жо бальго хутIуларо. Ахираталда щибго жо гъоркь течIого нужее жазаъги гьабизе буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ.

وَتَوَكَّلۡ عَلَى ٱللَّهِۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ وَكِيلٗا ٣

**3. Дуца киналго ишазулъ Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ тIаме таваккал. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIезе вуго дуеги дур асхIабзабазеги вакиллъун:**
жинца нужее квербакъулевлъун ва нуж цIунулевлъун.

مَّا جَعَلَ ٱللَّهُ لِرَجُلٖ مِّن قَلۡبَيۡنِ فِي جَوۡفِهِۦۚ
وَمَا جَعَلَ أَزۡوَٰجَكُمُ ٱلَّٰٓـِٔي تُظَٰهِرُونَ
مِنۡهُنَّ أُمَّهَٰتِكُمۡۚ وَمَا جَعَلَ أَدۡعِيَآءَكُمۡ
أَبۡنَآءَكُمۡۚ ذَٰلِكُمۡ قَوۡلُكُم بِأَفۡوَٰهِكُمۡۖ وَٱللَّهُ
يَقُولُ ٱلۡحَقَّ وَهُوَ يَهۡدِي ٱلسَّبِيلَ ٤

**4. ТIадегIанав Аллагьас цо чиясул черхалда жаниб кIиго ракI гьабичIо.**
Къурайшияздаса цо чи вукIана жив цIодорав, жинда рагIараб щинаб жо ракIалда чIолев.
Гьес абулеб букIана: «Дир кIиго ракI буго, щибаб ракIги МухIаммадида صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ лъалелдаса гIемер жо лъалеб буго»-абун.
Гьеб рагIи хвезабун абулеб буго тIадегIанав Аллагьас жинца цониги чиясе кIиго ракI гьабичIин абун.
**Нужеца жидедаса зигьар гьабулел руччабиги гьаричIо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер улбуллъун.**
ГIарабиязул гIадат букIана жиндие чIужу нахъе йиччазе бокьараб мехалъ гьелда абулеб: мун дир эбелалда релъълъун йигоян. Цинги гьей чIужу гьесдаса нахъе уней йикIана ва гьел тIокIал данделъулел рукIинчIо. Гьаб жагьилияб хIукму хвезабун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абулеб буго гьел руччаби нужер улбул рукIуларо абун.
**Нужеца васал руго абун ккурал чагIиги нужер васал рукIуларо: гьеб буго нужер кIалалъ абулеб рагIи.** Нужер васал рукIуна нужеца ячарай чIужуялъ гьарурал. Гьаб рагIиги абуна жагьилиял гIарабиязул букIараб жидер вас гурев чи васлъун кколеб гIадат хвезабун.

**ТIадегIанав Аллагь вуго жинца хIакъаб рагIи бицулев, битIараб хIукмуги гьабулев. Гьев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **тIоритIула битIараб нухдаги, хIакъаб динул исламалдаги.**

**5. Гьел нужеца васал ругин ккурал чагIазда цIар ахIе гьезул инсул цIаралдалъун, гьеб буго Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аскIоб битIараб рагIи. Гьел гIадамазул умумул нужеда лъалел ратичIони, гьел нужер диналъул вацал руго;** гьезда «я дир вац» абун абе.

**Гьел нужер диналъул гьудулзабиги руго:** гьезда «я дир гьудул» абун абе.

ٱدۡعُوهُمۡ لِأٓبَآئِهِمۡ هُوَ أَقۡسَطُ عِندَ ٱللَّهِۚ فَإِن لَّمۡ
تَعۡلَمُوٓاْ ءَابَآءَهُمۡ فَإِخۡوَٰنُكُمۡ فِي ٱلدِّينِ
وَمَوَٰلِيكُمۡۚ وَلَيۡسَ عَلَيۡكُمۡ جُنَاحٞ فِيمَآ
أَخۡطَأۡتُم بِهِۦ وَلَٰكِن مَّا تَعَمَّدَتۡ
قُلُوبُكُمۡۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمًا ٥

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас васлъун ккурав Зайд ибну ХIарис رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ вукIана. Гьесда гIадамаз Зайд ибну МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абулеб букIана гьаб хирияб аят рещтIизегIан цебеккун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Зайдида абуна: «Мун нижер диналъул вац вуго ва нижер гьудулги вуго»-абун.

**Нужее мунагь-хIакъ гьечIо нуж хатIаълъун ккараб жоялъул**, шаргIияб хIукму рещтIизегIан цебехун араб жоялъулги. **Амма шаргIияб хIукмуги лъалеб букIаго нужеца бокьун гьеб хIукму хвезабураб мехалъ буго нужее мунагь.** ХIакълъунго **Аллагь жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

**6. Аллагьасул авараг** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **лъик1ав вуго муъминзабазе жиндирго напсаздасаги**: гьезда гурх1ел-рах1мо гьабиялъул рахъалъан ва жидеца гьев разилъи т1алаб гьабизеги.

Дунялалъулги ахираталъулги умуразулъ муъминзабазе лъикIаб жо гьев аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъала ва гьесда мутIигIлъарав, гьесдехун мушавара гьабурав чи витIун ккола.

ٱلنَّبِيُّ أَوۡلَىٰ بِٱلۡمُؤۡمِنِينَ مِنۡ أَنفُسِهِمۡۖ
وَأَزۡوَٰجُهُۥٓ أُمَّهَٰتُهُمۡۗ وَأُوْلُواْ ٱلۡأَرۡحَامِ
بَعۡضُهُمۡ أَوۡلَىٰ بِبَعۡضٖ فِي كِتَٰبِ ٱللَّهِ مِنَ
ٱلۡمُؤۡمِنِينَ وَٱلۡمُهَٰجِرِينَ إِلَّآ أَن تَفۡعَلُوٓاْ إِلَىٰٓ
أَوۡلِيَآئِكُم مَّعۡرُوفٗاۚ كَانَ ذَٰلِكَ فِي
ٱلۡكِتَٰبِ مَسۡطُورٗا ٦

**Гьев аварагасул** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **руччабиги муъминзабазул улбул руго.** Жидер адаб-хIурмат гьабизе тIадаб букIиналъул рахъалъан ва гьезулгун ригьин гьабизе хIарамаб букIиналъул рахъалъанги. Цогидал умуразулъ: жидеде балагьи, кIалъай, квер хъвайгIадал,–гьел руго муъминзабазе махIрамиял гурел руччабазул хIукмуялда.

**Муъминзабазул наслабазул гIагарал гIадамал цоял цоязе рекъарал руго,** ирс босиялъул ва къисас босиялъул рахъалдаса, **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ

**шаргIалда жанир, цогидал муъминзабаздаса ва мугьажираздаса.** Ирсалъул ва къисасалъул хIукму бицун аятал рещтIизарун хадуб рещтIараб буго гьаб аят. Гьал аятал рещтIизаризегIан цебеккун жагьилиял гIарабиязул гIадатазда рекъон букIана ирс боси ва къисас боси. Муъминзабазулги цояз-цоязул ирс босулеб хIукму букIана.

**Муъминзабаца цояз цоязе лъикIлъи гьабизе бегьула – гьедин лъикIлъи гьаби шаргIалда беццарабги буго.** ЧIаго ругеб мехалъ диналъул вацазе боцIи-малалдалъун лъикIлъи гьабизе бегьула. Хвалида цебе васият гьабун тезеги бегьула гьезие лъикIлъи гьабе абун.

**Гьаб ирс гьабиялъул хIукму Аллагьас ﷻ жиндир тIехьалда хъвараб, жиб хисизабулареб хIукму буго.** Гьеб ирс Аллагьасул ﷻ хIукмуялда рекъон гьабизе тIадаб буго, жидее ирс щолел гIадамазе ирс кьечIого букIизе гIоло гьабураб васиятги хIарамаб буго.

Аллагьасул ﷻ шаргIалда жаниб хIилла гьабизе лъугьин цIакъ кIудияб зулму буго. Щиб ният инсанасул бугеблъи лъалев БетIергьан Аллагь инсанасда гуккизе кIоларо. Бусурманчиясда тIадаб жо буго, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, гьесул шаргI тIубан, хирияв аварагасул ﷺ суннат тIубан хьвадизе яхI бахъи. Аллагьасе ﷻ ва гьесул аварагасе бокьараб, гьез лъикIаблъун гьабураб жо нилъеегиt лъикIаб букIизе ккола, гьез квешаблъун рикIкIараб жо нилъеца рикIкIад гьабизеги ккола.

وَإِذْ أَخَذْنَا مِنَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ مِيثَٰقَهُمْ وَمِنكَ وَمِن نُّوحٍ وَإِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَى ٱبْنِ مَرْيَمَ ۖ وَأَخَذْنَا مِنْهُم مِّيثَٰقًا غَلِيظًا ﴿٧﴾

7. **Дуца рехсе, МухIаммад ﷺ, дица аварагзабаздаса عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ къотIи босараб гIуж.** Жидеда тIад къараб рисалат умматазухъе щвезабизе. **Дудасанги, НухI аварагасдасаги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ, Ибрагьим, Муса, Марьямил вас ГIиса عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ аварагзабаздасаги къотIи босараб гIуж рехсе умматалъе вагIзалъун. Гьел киназдасаго дица цIакъ мухIканаб щулияб къотIи босана жидеда тIад къараб рисалат тIубазабизе.**

لِّيَسْـَٔلَ ٱلصَّٰدِقِينَ عَن صِدْقِهِمْ ۚ وَأَعَدَّ لِلْكَٰفِرِينَ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿٨﴾

8. **Гьаб къотIи боси дица гьабуна къиямасеб къоялъ гьел аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьикъизе жидеца къотIи киндай тIубазабуна абун.**

**Аллагьасда ﷻ инкар ккурал, аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ва ахират гьереси гьабурал капурзабазе дица цIакъ гучаб, жинца унтизабулеб гIазаб хIадурун буго.**

Къиямасеб къоялъ аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рисалат щвезабуниищ абун гьикъиялдаса мурад букIула капурзабазе, мушриказе ва мунапикъзабазе

хIужа-далил чIезаби гьезухъе дин щвезабун букIиналда ва гьезул кIанцIизе бакI тIагIизаби, гIузроги къотIизаби. Къиямасеб къоялъ аварагзабаздаги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ кIалгьикъи гьабулеб мехалъ, гьеб кIалгьикъиялдаса щивго чи ворчIулареблъиги лъазе кколеб жо буго.

Гьаб аяталда жаниб жидер цIар рехсарал аварагзаби: МухIаммад, НухI, Ибрагьим, Муса, ГIиса жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял – гьал руго бищунго хириял аварагзаби. Гьел руго умматазухъе шаргI босун ритIарал ва жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аманат тIубазе цIакъ яхI бахъарал аварагзаби. Гьезда абула «улул-г1азми»-абун. Гьел киназулго бищунго хирияв МухIаммад авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вукIиналъ, тIадегIанав Аллагьас гьесул цIар тIоцебе рехсана, хадуб жидер тартибалда цогидалги рехсана.

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца ракIалде щвезабе тIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьураб нигIмат ва нужее гьабураб квербакъиги. Нужеда рагъ гьабизе абун гIемерал аскарал рачIараб мехалъ дица гьел аскаразда тIаде цIорораб гьури биччана ва нужеда рихьуларел дир малаикзабазул боялги рещтIизаруна. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалев ва бихьулев вукIана нужеца гьабулеб кинабго гIамал ва нужер хIал.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَةَ ٱللَّهِ عَلَيۡكُمۡ إِذۡ جَآءَتۡكُمۡ جُنُودٞ فَأَرۡسَلۡنَا عَلَيۡهِمۡ رِيحٗا وَجُنُودٗا لَّمۡ تَرَوۡهَاۚ وَكَانَ ٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ بَصِيرًا ۝٩

Нужеца хандакъал (окопал) рухъиги, нужеца аварагасе صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ квербакъи гьабиги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала ва гьелда рекъараб жазаъ нужее гьабизе буго.

Гьаб аяталда жаниб рехсараб гъазават буго Мадинаялда тIаде гIемерал аскарал гьарун киналго капурзаби ва ягьудиял рачIараб гъазават. Гьелда цIар буго «Гъазватул-ахIзаб» - абун. Капурзабазул анцIила кIиазарго чи вукIана. Гьезда данде рагъизе рахъана лъабазарго асхIаб. Салманул Фариси абулев асхIабасул гIакълуги босун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Маккаялдаса Мадинаялда жанир рач1улеб рахъалда, гъваридаб ва гIебаб хандакъ бухъун букIана.

Гьеб гъазаваталда муъминзаби дагьал рукIиналъ, гIезегIанго хIинкъунги рукIана. Гьезда гьоркьор ругел мунапикъзабацаги гIадамал хIинкъулеб хабар бицулеб букIана. МугIайт1 ибну Къушайр абулев мунапикъас абуна: «Нилъее МухIаммадица صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ кисралги, къайсарилги хазина щвезе бугин хабар бицулеб буго, амма нилъ руго тIагьарат гьабизе (туалеталде) ине рес гьечIого тушманас сверунги ккун» - абун.

Гьедин хандакъалъул цо рахъалда муъминзаби ва цогидаб рахъалда капурзабигун гIезегIанго къоял рараб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел

капурзаби ругеб рахъалде къаси сардилъ кутакаб цIорораб гъури биччана, гьезул чадралги рахъун гIодоре рехана, квен-тIех гьабулел хьагалги регизаруна, гIадамалги цоцалъ речIчIизарун гIодор кколел рукIана. Чуялги хIинкъун тIуризе рекIана. Гьелдаги тIаде Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзабиги рещтIизаруна гьел цIакъго хIинкъизаризе ва гьезул боялги риххизаризе. Гьеб гъазаваталъул бицен гьабун тIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

**10. Гьел капурзабазул аскарал нужеде тIаде рачIараб мехалъ Мадинаялъул тIасияб рахъалдаса:** гьениса рачIулел рукIана бануасад ва банугъатIфан абулеб кьибилалъул гIарабиял **Мадинаялъул гъоркьияб рахъалдасаги рачIараб мехалъ:** гьениса рачIулел рукIана къурайшиязул боял, кинанатилал ва батIи-батIиял гIарабиязул къукъабиги. Гьелгун цадахъ банукъурайзатал абулел ягьудиялги рукIана, жидеца аварагасе гьабураб къотIиги хвезабун, капурзабазе квербакъи гьабизе журарал. Гьеб хIалалда ругеб мехалъ муъминзаби цIакъ хIинкъун рукIана.

إِذْ جَاءُوكُم مِّن فَوْقِكُمْ وَمِنْ أَسْفَلَ مِنكُمْ وَإِذْ زَاغَتِ الْأَبْصَارُ وَبَلَغَتِ الْقُلُوبُ الْحَنَاجِرَ وَتَظُنُّونَ بِاللَّهِ الظُّنُونَا ﴿١٠﴾

Гьезул хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«ХIинкъун гьезул бералги рахъ-рахъалде руссараб мехалъ, ракIалги щокъроре рахун ругоян кколеб хIалги лъугьиндалго. Гьеб хIалалда рукIадго нужер ракIазда батIи-батIиял пикрабиги хIалтIулел рукIана».** Муъминзабазе бокьун букIана хеккого Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ квербакъи ва жидее къотIи гьабураб бергьенлъиги щвезе.

Мунапикъзабазул ракIалде кколеб букIана гьанже киналго муъминзаби тIагIизарилин ва жидее эркенлъи щвелин абун. Загьиралда мунапикъзабаца абулеб баукIана нилъее аварагас гьересияб къотIи гьабун буго, нилъ бергьине ресги гьечIо абун, гьеб рагIиялдалъун муъминзаби загIип гьаризе ва гьезул рекIелъ васвас реххизе.

**11. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазул цIакъаб хIалбихьи гьабуна гьеб гъазаваталда ва гьел цIакъ хIинкъизарун кIорокIизеги гьаруна.**

هُنَالِكَ ابْتُلِيَ الْمُؤْمِنُونَ وَزُلْزِلُوا زِلْزَالًا شَدِيدًا ﴿١١﴾

Гьелдалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ иман камилал муъминзабиги, иман загIипал гIадамалги, мунапикъзабиги ратIа рахъун лъазаруна ва гьел загьир гьаруна.

**12. Гьеб мехалъ мунапикъаца ва жидер иман загIипал, рекIелъ унти бугел гIадамазги абулеб букIана:**

وَإِذْ يَقُولُ الْمُنَافِقُونَ وَالَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ مَّا وَعَدَنَا اللَّهُ وَرَسُولُهُ إِلَّا غُرُورًا ﴿١٢﴾

**«Аллагьас ﷻ ва гьесул расулас ﷺ нилъее бергьенлъи ва кквербакъи букIизеян гьабураб къот1и нилъ гуккулеб къотIи гурого гьеч1оян» - абун.** Гьеб рагIи абураздаса МугIайтI абулев мунапикъги вукIана, дагьаб цебе нилъеца жиндир бицен гьабурав.

وَإِذْ قَالَت طَّآئِفَةٌ مِّنْهُمْ يَٰٓأَهْلَ يَثْرِبَ لَا مُقَامَ
لَكُمْ فَٱرْجِعُوا۟ ۚ وَيَسْتَـْٔذِنُ فَرِيقٌ مِّنْهُمُ ٱلنَّبِىَّ
يَقُولُونَ إِنَّ بُيُوتَنَا عَوْرَةٌ وَمَا هِىَ بِعَوْرَةٍ ۖ إِن
يُرِيدُونَ إِلَّا فِرَارًا ﴿١٣﴾

**13. Мунапикъзабазул цоги къокъаялъ абураб гIужги рехсе, я Мадинаялъул гIадамал! Нуж гьаб хандакъазул рагъулъ чIоге, нуж гьаниса нахъе русса!** Нилъеда данде вугев тущманги гучав вуго, нилъее аварагас гьабураб къотIиги гьересияб буго-абун.

**Мунапикъзабазул цоги къокъаялъ аварагасдаса ﷺ изну тIалаб гьабулеб букIана жал рагъулъе рачинчIого рукIине. Гьез абулеб букIана нижер рукъор бихьинал гьечIо, ниж хIинкъун руго хъизаназе тущманас зарал гьабилин абун. Амма гьезул рукъзабазе ва хъизаназе щибго хIинкъи букIинчIо. Гьезие бокьун буго жал рагъде рачинчIого рукIизе ва гьеб рагъдаса лъутизе.**

وَلَوْ دُخِلَتْ عَلَيْهِم مِّنْ أَقْطَارِهَا ثُمَّ سُئِلُوا۟
ٱلْفِتْنَةَ لَءَاتَوْهَا وَمَا تَلَبَّثُوا۟ بِهَآ إِلَّا يَسِيرًا ﴿١٤﴾

**14. Киналго рахъаздаса тущбаби Мадинаялде жанире рачIун рукIаралани ва гьез мунапикъзабазда абун букIарабани нуж муъминзабазде данде рагъеян абун, гьел мунапикъзабаца бусурбабазде рагъ гьабизе буго ва, гьезул «нижеца иман лъуна»-абураб раг1иги хеккого тIаса инзе буго.**

Гьел руго хиянатал гIадамал ва гьезул иман лъейги хиянатаб буго. Гьезул ракI бухIун гьечIо Мадина шагьаралда, гьезие бокьун буго щиб хIилла гьабунги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасе ва гьесул асхIабзабазе зарал гьабизе ва гьезул исламияб дин загIип гьабизе.

وَلَقَدْ كَانُوا۟ عَٰهَدُوا۟ ٱللَّهَ مِن قَبْلُ لَا يُوَلُّونَ
ٱلْأَدْبَٰرَ ۚ وَكَانَ عَهْدُ ٱللَّهِ مَسْـُٔولًا ﴿١٥﴾

**15. ХIакълъунго гьел мунапикъзабаца Аллагьасе ﷻ къотIи гьабун букIана жал тущманасдаса мугъ бан лъутизе гьечIин абун.**

Гьеб къотIи гьезда кIочон тун буго. **Ва амма Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи жиндаса жаваб т1алаб гьабизесеб буго.** Ахираталда гьеб щай т1убач1еян к1ал гьикъизе буго.

قُل لَّن يَنفَعَكُمُ ٱلْفِرَارُ إِن فَرَرْتُم مِّنَ ٱلْمَوْتِ
أَوِ ٱلْقَتْلِ وَإِذًا لَّا تُمَتَّعُونَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٦﴾

**16. Дуца гьел мунапикъзабазда абе, МухIаммад ﷺ; нужее щибго кумек гьабизе гьечIо нуж хвалидаса**

**яги рагъда чIваялдаса лъутанин абун.**
Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIараб ажал щвараб мехалъ хвечIого щивго чи хутIуларо. **Нуж хвалдасан лъутанин абун гIемералъ чIаго хутIуларо.** Щивав инсан жиндие бихьизабураб заман лъугьун хадув хвечIого рес гьечIо.

قُلْ مَن ذَا ٱلَّذِى يَعْصِمُكُم مِّنَ ٱللَّهِ إِنْ أَرَادَ بِكُمْ سُوٓءًا أَوْ أَرَادَ بِكُمْ رَحْمَةً ۚ وَلَا يَجِدُونَ لَهُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ﴿١٧﴾

**17. Цоги дуца гьезда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: нуж Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса хвасар гьарулев чи щив вугев, нужее гIазаб гьабизе гьесие бокьун бугони?**
**Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **нужее рахIмат ва лъикIлъи бокьани, гьеб нужедаса нахъчIвазе кIолевги щив чи вугев?-абун.** ГьечIо щивго чи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб ва гьесул рахIмат нахъчIвазе кIолев. **Гьел гIадамазда ватуларо ва гьезие гьечIо Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гурев цоги кумекчи ва гьудул-гьалмагъ.**

۞ قَدْ يَعْلَمُ ٱللَّهُ ٱلْمُعَوِّقِينَ مِنكُمْ وَٱلْقَآئِلِينَ لِإِخْوَٰنِهِمْ هَلُمَّ إِلَيْنَا ۖ وَلَا يَأْتُونَ ٱلْبَأْسَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٨﴾

**18. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда лъала нужеда гьоркьор ругел гъазават гьабиялдаса гIадамал нахъчIвалел мунапикъзаби, жидеца капурзабазда ва жидер гьалмагъзабазда абулел:**
**«Нуж нижеда аскIоре рачIа, нужеца МухIаммадги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гьесул асхIабзабиги рехун те»- абун. Гьел мунпикъзаби жидее къварилъи-захIмалъи бугеб бакIалда ва гъазаваталде рачIуларо, гIадамазе рихьизе гIоло рачIулел дагьалго гIадамал гурони.** Гъазаваталде рачIаразул мурадги букIула муъминзабазда гьоркьоб гьел рагъдаса нахъчIвалеб хабар бицин.

أَشِحَّةً عَلَيْكُمْ ۖ فَإِذَا جَآءَ ٱلْخَوْفُ رَأَيْتَهُمْ يَنظُرُونَ إِلَيْكَ تَدُورُ أَعْيُنُهُمْ كَٱلَّذِى يُغْشَىٰ عَلَيْهِ مِنَ ٱلْمَوْتِ ۖ فَإِذَا ذَهَبَ ٱلْخَوْفُ سَلَقُوكُم بِأَلْسِنَةٍ حِدَادٍ أَشِحَّةً عَلَى ٱلْخَيْرِ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ لَمْ يُؤْمِنُوا۟ فَأَحْبَطَ ٱللَّهُ أَعْمَٰلَهُمْ ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرًا ﴿١٩﴾

**19. Нужее лъикIлъи гьабизе гьел цIакъ бахилллъула. Рагъдаги рукIун цо хIинкъи тIаде бачIараб мехалъ дуда гьезул берал рихьула дудехун жал балагьулел ва хIинкъун свер-сведулел, хвел тIаде бачIун рухI бахъулеб бугев чиясул гIадин.**
**Цинги гьеб хIинкъи тIаса ун хIалхьараб мехалъ, гьез нужеда нахъасан квешаб, хъубаб хабар бицулеб буго. Гьезие цIакъ боцIи-малги бокьулеб буго.**
Гъазаваталдаса гъанимат (давла) щвараб мехалъ гьеб бикьизе ва жидее гьеб босизе гьел гIедегIулел руго, гьеб гъанимат сабаблъун нужеда

нахъасан кIалъалелги руго. **Гьел гIадамал руго жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIел. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьез гьабураб гIамалги къабул гьабуларо,** гьеб г1ададе хвараблъун гьабула.

Инсанас гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабун, гьелда данде ахираталда лъикIаб жазаъ гьабиялъе шартI буго гьеб гIамал рак1 бац1адго Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун, аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахъги вилъун гьабураб букIин. **Гьезул гIамал къабул гьабунгутIи** ва гьеб гIадада хвараблъун гьаби **Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ бигьаяб амру буго.**

يَحْسَبُونَ ٱلْأَحْزَابَ لَمْ يَذْهَبُوا۟ ۖ وَإِن يَأْتِ ٱلْأَحْزَابُ يَوَدُّوا۟ لَوْ أَنَّهُم بَادُونَ فِى ٱلْأَعْرَابِ يَسْـَٔلُونَ عَنْ أَنۢبَآئِكُمْ ۖ وَلَوْ كَانُوا۟ فِيكُم مَّا قَٰتَلُوٓا۟ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٢٠﴾

**20. Гьел мунапикъзаби,** гIемер хIинкъун рукIиналъ, **божулел гьечIо Мадинаялда сверун рукIарал капурзабазул аскарал нахъе анин абун. Цогиги нухалъ нужеда рагъ гьабизеян капурзаби Мадинаялде рачIунел ругони, гьезие бокьулеб буго жал шагьаралдаса къватIире ун гIалахалдаго чIезе. Гьенир гIалахалдаги рукIун жидеца нужер хIалги цIехезе:** муъминзаби къолел гьечIодай капурзабаздаса абун хъаравуллъи ккун рукIизе бокьун буго гьезие, нужгун цадахъ рагъда рукIизе бокьун гьечIо.

**Нагагь мунапикъзабазул цо къокъа нужгун цадахъ гъазаваталда бугониги, гьез цIакъго дагь гурони рагъ гьабизе гьечIо.** Жидерго чIаголъи цIунун хьвадизе руго гьел.

لَّقَدْ كَانَ لَكُمْ فِى رَسُولِ ٱللَّهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ يَرْجُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلْيَوْمَ ٱلْـَٔاخِرَ وَذَكَرَ ٱللَّهَ كَثِيرًا ﴿٢١﴾

**21. ХIакълъунго гьав хирияв Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ буго нужее, я гьал муъминзаби, берцинаб нахърилълъин. Нужедаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва лъикIаб ахират щвезе бокьарал, Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гIемер рехсолел муъминзабазе.**

Нужеца гьев аварагасдаса صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мисал босе гIибадат гьабиялъулъги, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ тавакал тIамиялъулъги, гьесул диналъе гIоло гъазават гьабиялъулъги ва цогидал берцинал ва лъикIал тIабигIатазулъги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилълъизе ккеялъе сабаб буго гьев вукIин кинабго гIамал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вахIюялдалъун гьабулев. Хирияв аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нух ккурав чи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нух ккурав вукIула.

وَلَمَّا رَءَا ٱلْمُؤْمِنُونَ ٱلْأَحْزَابَ قَالُوا۟ هَٰذَا مَا وَعَدَنَا ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ وَصَدَقَ ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥ ۚ وَمَا زَادَهُمْ إِلَّآ إِيمَٰنًا وَتَسْلِيمًا ﴿٢٢﴾

**22. Жидер иман камилал муъминзабазда Мадинаялда сверун лъугьарал капурзабазул аскарал рихьараб мехалъ, гьел хIинкъичIо ва гьез абуна: «Гьаб буго**

**нижее Аллагьасги ﷻ гьесул расуласги къотIи гьабураб жо.**
**Ва гьев Аллагьги ﷻ гьесул расулги жидеца гьабураб къотIиялъулъ ритIухъал руго» - абун.**
Аллагьас ﷻ нижер хIалбихьи гьабизе буго хIинкъизарун, къварилъи т1ад биччан, ракъи-къечалдалъунги. Гьеб хIал бихьиялда хадуб Аллагьас ﷻ нижее квербакъиги гьабизе буго. **Гьел муъминзабазул жегиги иман цIикIана ва Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги мутIигIлъиги цIикIана.** Гьел хIинкъичIо капурзабазул боял гIемерал рукIиналдаса ва Мадинаялда сверун лъугьун гьез жал жанир сверизарун рукIиналдасаги.

مِّنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ رِجَالٌ صَدَقُوا۟ مَا عَـٰهَدُوا۟ ٱللَّهَ عَلَيْهِ ۖ فَمِنْهُم مَّن قَضَىٰ نَحْبَهُۥ وَمِنْهُم مَّن يَنتَظِرُ ۖ وَمَا بَدَّلُوا۟ تَبْدِيلًا ﴿٢٣﴾

**23. Гьел муъминзабаздаса цо бахIарзал руго Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIиялъулъ жал цIакъ ритIухъал. Гьезул цоял руго Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рагъун жал шагьидлъарал ва жидер къотIиги тIубазабурал.**
Аллагьасул ﷻ диналъе квербакъизе ва гьеб ишалъе г1оло хвезегиян къот1и гьабун бук1ана хириял асх1абзабаз ﵃ аварагасе ﷺ байг1ат гьабулеб мехалъ.
**Гьезул цогидалги руго жидер къотIи тIубазабизе хIадурун ругел ва Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рухI бичизе къватIире рахъун ругел. Гьел бахIарзаз Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи хвезабун гьечIо ва гьеб кидаго хисизабизеги гьечIо.**
Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаблъун ТIабари абулев гIалимас, жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидасан хIадис бицана: дир инсул вац Анас ибну Назр бадруялда рагъ бугеб мехалъ гьеб рагъулъ гIахьаллъун вукIинчIо. Гьес абуна: *«Дун гIахьаллъичIо Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас тIоцебе гьабураб гъазаваталъулъ. Гьелда рак1 бух1ун дица абулеб бук1ана: гьанжесалалъ Аллагьас ﷻ гъазават гьабизе дие изну къуни, дица бихьизабила кин дун Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло вагъулеблъи» - абун. Цинги УхIудалда рагъ ккараб мехалъ ва асхIабзабазул гIемерисел рихха-хочун лъутараб мехалъ, Анас ибну Назрица абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь ﷻ! Гьал мушрикаца гьабулеб ширкалдаса ва гьез дур аварагасде рагъ гьабиялдаса дун вацIцIадав вуго:* дун гьезда цадахъ гьечIо. *Гьал асхIабзабаз гьабураб рихха-хочиялдасаги дун гIузру бачун кIалъалев вуго: гьездаса мун тIаса лъугьа Аллагь»* - абун.
Цинги хвалченги бахъун гьев мушриказде тIаде унаго гьесда данде кана СагIдо ибну МугIаз ﵁ ва гьесда Анасица ﵁ абуна: *«Я*

*СагIдо! Дие алжаналъул махI бачIулеб буго гьаб УхIуд мегIералда г1агрдаса» - абун. Цинги гьев мушрикалгун вагъана жив шагьидлъун хвезегIан. Жинда Аллагь разилъаяв СагIдуца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «Я расулуллагьи ﷺ! Дида кIвечIо гьев Анасица гьабураб гIадаб бахIарчилъи гьабизе» - абун. «Гьев Анасил жаназа цогидал шагьидзабазул жаназабазда гьоркьоб батана жинда тIадункъогоялдаса гIемерал ругъналги рукIун: хвалчен кьабурал, хеч тункарал, чIорречIарал. Нижеда гьесул жаназа батIа бахъизеги лъачIо, гьесул яц ячIун гьелда лъан гурони»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

АсхIабзабаца абулеб букIана гьаб аят бугин гьав Анас ибну Назрил ва ХIамзат асхIабасул хIакъалъулъ рещтIизабураб абун. Гьел киназдаго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаги, гьезул баракат нилъееги насиб гьабеги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.

24. ТIадегIанав Аллагьас гьел гъазаваталги, гьениб гьабураб къвакIараб хIалбихьиги **жидер иманалъулъ ва къотIиялъулъ ритIухъал муъминзабазе гьабуна, жинца гьезул ритIухълъиялда данде алжаналдалъун жазаъ гьабизе. Мунапикъзабазе гучаб гIазабги гьабизе, гьез мунапикълъи течIони, гьез тавбо гьабуни гьеб тавбоги къабул гьабизе. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жив гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго.**

لِّيَجْزِيَ ٱللَّهُ ٱلصَّٰدِقِينَ بِصِدْقِهِمْ وَيُعَذِّبَ ٱلْمُنَٰفِقِينَ إِن شَآءَ أَوْ يَتُوبَ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٢٤﴾

**25. ТIадегIанав Аллагьас капурзаби нахъе руссизаруна жидер цим бахъаралльун ва жидер мурадазде щвечIелльун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазе гIейги гьабуна: рагъги гьабичIого гьел бергьаралльун гьаруна.** Малаикзаби ритIун, гьури тIаде биччан, капурзабазул аскарал риххизаруна ва лъутизаруна. ХIакълъунго **ТIадегIанав Аллагь вуго жиндие бокьараб жо гьабизе хIалкIолев ва жиндир къуват-гуч бергьарав**. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кIола жиндир тущбабазе гIазаб гьабизе ва жиндие рокьарал муъминзабазе квербакъи гьабизе.

وَرَدَّ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِغَيْظِهِمْ لَمْ يَنَالُوا۟ خَيْرًا ۚ وَكَفَى ٱللَّهُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٱلْقِتَالَ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ قَوِيًّا عَزِيزًا ﴿٢٥﴾

**26. Гьел капурзабазе квербакъи гьабулел рукIарал ягьудиялги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидер щулиял хъулбуздаса къватIире лъугьизаруна ва гьезул ракIазулъ**

وَأَنزَلَ ٱلَّذِينَ ظَٰهَرُوهُم مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ مِن صَيَاصِيهِمْ وَقَذَفَ فِى قُلُوبِهِمُ ٱلرُّعْبَ فَرِيقًا تَقْتُلُونَ وَتَأْسِرُونَ فَرِيقًا ﴿٢٦﴾

**кутакаб хIинкъиги рехана.**

**Гьезул цо къокъа нужеца чIвана, цогидаб къокъа асирзабилъун гьабуна.**

Гьел руго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къотIи гьабун, гьесде данде рагъиларин абун рукIарал банукъурайзатал. Мадинаялда сверун Маккаялъул къурайшалги ва цогидал гIарабиял лъугьараб мехалъ, банукъурайзататаз аварагасе ﷺ гьабураб къотIи биххизабуна ва гьел мушриказе квербакъи гьабизе лъугьана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капурзабазул аскарал риххизарун хадуб аварагас ﷺ къасд гьабуна банукъурайзататазде тIаде ун гьезда рагъ гьабизе.

Гьезул хъала сверун ккураб мехалъ ва жидер хIалги цIакъ квешлъараб мехалъ, ягьудиял разилъана рагъ гьабичIого кверде рачIизе ва жинда Аллагь разилъаяв СагIдо ибну МугIазица гьабураб хIукму къабул гьабизе. СагIдоца رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ хIукму гьабуна гьезул рагъ гьабизе кIолел бихьинал чIвазе, руччаби, лъимал ва херал гIадамал асирзабилъун гьаризе, гьезул цогидаб боцIи-мал гъанимат гьабун бикьизе. Гьел ягьудиязул микьнусгоялдасаги гIемерав чи чIвана ва цогидал асирзабилъун гьарун гъаниматалда гьоркьор рикIкIана.

وَأَوْرَثَكُمْ أَرْضَهُمْ وَدِيَـٰرَهُمْ وَأَمْوَٰلَهُمْ وَأَرْضًا لَّمْ تَطَـُٔوهَا ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرًا ﴿٢٧﴾

**27. ТIадегIанав Аллагьас нужее ирсалъе кьуна гьел ягьудиязул кинабго ракьги, гьезул росабиги ва гьезул кинабго магIишатги. Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее ирсалъе кьуна жеги нужеца жиб мерхьинчIеб ракь.**

Гьелда хадуб бахъараб хайбаралъул ракь ва цогидалги бусурбабаца рахъарал капурзабазул ракьал. ХIакълъунго **Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.**

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِىُّ قُل لِّأَزْوَٰجِكَ إِن كُنتُنَّ تُرِدْنَ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا وَزِينَتَهَا فَتَعَالَيْنَ أُمَتِّعْكُنَّ وَأُسَرِّحْكُنَّ سَرَاحًا جَمِيلًا ﴿٢٨﴾

**28. Я гьав авараг ﷺ! Дуца дур руччабазда абе: «Нужее гьаб дунялалъул чIаголъиги, гьелъул берцинлъи-чIухIиги бокьун батани нуж дида аскIоре рачIа,**

**дица нужее кколеб къадар напакъа кьела ва нужги берцинго нахъе риччан тела.**

وَإِن كُنتُنَّ تُرِدْنَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَٱلدَّارَ ٱلْـَٔاخِرَةَ فَإِنَّ ٱللَّهَ أَعَدَّ لِلْمُحْسِنَـٰتِ مِنكُنَّ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٢٩﴾

**29. Нуж Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьесул расулги вокьулел ратани, гьединго берцинаб ва абадияб ахиратги бокьулел ратани:** даимал алжаналъул нигIматал рокьулел –

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас гьел лъикIал руччабазе хIадурун буго цIакъ кIудияб ажро.** Дунялалъул рукъоб инсанасул бералда бихьичIел, гIиналда рагIинчIел, ракIаздацин хъатIичIел нигIматал жанир ругел алжанал руго гьел.

«АлбахIро» абулеб тафсиралъул тIехьалда хъван буго: ТIадегIанав Аллагьас аварагасе ﷺ квербакъи гьабидалго, Мадинаялдаса капурзабазул аскаралги нахъе руссиндал, банукъурайзатал ва бануназирал абулел ягьудиязул гъаниматги бакIаридал, гьесул руччабазда ракIалде ккана гьел ягьудиязул курхьин-кIиликI ва цогидабги берцинлъи аварагасе ﷺ щун батилин абун. Цо нухалъ гьел хирияв аварагасда ﷺ сверун руссана ва гьез абуна: «Я расуллуллагь ﷺ! Къайсарилги кисралги руччаби ва ясал жавгьар-якъутал, гIарац-меседги тIад бан руго. Ниж кинаб пакъирлъи ва мискинлъиялда ругеб дуда лъалаха!» - абун.

Гьел руччабазе бокьидал жидее напакъаги цIикIизаби, ханзабазул руччабазул ва ясазул бугеб берцинлъиги жидее букIизе, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул цIакъ рак1 къварилъана. Гьеб хIалалъ жив вугеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас аварагасде ﷺ рещтIизабуна гьаб кIиго аят.

Имам АхIмадица رضي الله عنه бицараб хIадисалда буго, жинда Аллагь разилъаяв Жабир асхIабас абуна: *«Цо къоялъ Абубакар رضي الله عنه асхIаб вачIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде тIаде ине абун. Гьесие жаниве ине изну кьечIо ва гьев асхIабзабазда аскIов гIодов чIана. Цинги Г1умар رضي الله عنه асхIаб вачIун гьесги тIалаб гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде тIаде ине изну ва гьесиеги изну кьечIо.*

*Дагьаб заманалдаса жидеда Аллагь разилъаял Абубакар ва ГIумар асхIабасе изну кьуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасде тIаде ине. Жанире лъугьараб мехалъ гьезие хирияв авараг ﷺ ватана жиндир руччабазда гьоркьов гIодов чIун ва гьев цIакъго пашман вукIин загьирлъулеб букIана. Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асхIабас абуна Валлагьи, дица авараг ﷺ разилъулеб, гьев воххизавулеб калам гьабилаян. Цинги гьес абуна: «Я расуллулагь ﷺ! Жакъа дуда Зайдил яс йихьун йикIарай ани дидаса напакъа тIалаб гьабулей! Дица гьелъул габуралда цо жо кьабана» - абун. Гьеб рагIиялъ аварагасда ﷺ хьими рехизабуна ва гьес абуна: «Гьал дида сверун ругелшиналги руго дидаса напакъа тIалаб гьабулел» - абун. Цинги Абубакар асхIаб жиндир яс ГIайшатида кьабизе тIаде вахъана, Х1апсатида вагъизе Г1умар асхIабги вахъана. Гьез абуна:*

*«Нуж нечоларищ хирияв аварагасул ﷺ ракI къварид гьабизе ва гьесухъ гьечIеб жо кьеян абизе!»-абун. Цинги гьел руччабацаги абуна: «Валлагьи, нижеца хирияв расуласдаса тIокIаб тIалаб гьабизе гьечIо гьесухъ гьечIеб жо кьей»*-абун.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб кIиго аят (28-29) рещтIизабураб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас щияй чIужуялда гьикъана нужее Аллагьги ﷻ, гьесул расулги, ахиратгиийищ бокьун бугеб, яги дунялалъул берцинлъиийищ бокьун бугеб абун. Киналго руччабаца Аллагьги ﷻ гьесул расулги тIаса вищана. Гьеб мехалъ аварагасда ﷺ йикIана ичIго чIужу, гьездаса щуго чIужу къурайшияб тухумалъул рукIана

**30. Я гьал аварагасул ﷺ руччаби! Нужедаса цонигиялъ мунагь-хIакъ кколеб гIамал гьабуни: аварагасдехун ﷺ барщи загьир гьабуни, гьесул амруялъе мутIигIлъичIони – нужее гIазаб кIиго нухалъ цIикIизабизе буго.**

يَٰنِسَآءَ ٱلنَّبِيِّ مَن يَأۡتِ مِنكُنَّ بِفَٰحِشَةٖ مُّبَيِّنَةٖ يُضَٰعَفۡ لَهَا ٱلۡعَذَابُ ضِعۡفَيۡنِۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٗا ٣٠

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хирияв вукIиналъ гьесул руччабиги хириял рукIуна. Гьезул хиралъиялда релълъун гьезул гIасилъиялде данде жазаъги цIикIизабула. **Гьеб гIазаб гьаби тIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго.** Гьев щибго жоялъ нахъчIваларо жиндир амру тIубазе.

31. Нужедаса **хирияв аварагасе ﷺ ва Аллагьасе ﷻ мутIигIлъиялда тIад чIарал, жидеца Аллагьги ﷻ аварагги ﷺ разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабурал руччабазе дица ажру-кири кьола кIиго нухалъ цIикIизабун** (ай цогидал муъминзабазул руччабазе кьолелдаса кIиго нухалъ цIикIун). **Гьей Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги мутIигIай чIужуялъе дица ахираталда цIакъ хирияб ажру ва ризкъи хIадурун буго.**

۞ وَمَن يَقۡنُتۡ مِنكُنَّ لِلَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَتَعۡمَلۡ صَٰلِحٗا نُّؤۡتِهَآ أَجۡرَهَا مَرَّتَيۡنِ وَأَعۡتَدۡنَا لَهَا رِزۡقٗا كَرِيمٗا ٣١

**32. Я гьал аварагасул ﷺ руччаби! Нуж гьечIо цогидал руччабазда релълъун.** Нуж руго аварагзабазулги عليهم السلام бищунго хирияв аварагасул ﷺ руччаби. Нужер ажру ва даражаги гьединго тIадегIанаб буго.

يَٰنِسَآءَ ٱلنَّبِيِّ لَسۡتُنَّ كَأَحَدٖ مِّنَ ٱلنِّسَآءِ إِنِ ٱتَّقَيۡتُنَّۚ فَلَا تَخۡضَعۡنَ بِٱلۡقَوۡلِ فَيَطۡمَعَ ٱلَّذِي فِي قَلۡبِهِۦ مَرَضٞ وَقُلۡنَ قَوۡلٗا مَّعۡرُوفٗا ٣٢

**Ва амма нуж рукIизе ккола Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарал ва гьесул амруялъе мутIигIал.**
Гьедин нуж гьечIони ва нужеца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расуласде гIасилъи гьабулеб бугони, нуж аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ руччаби ругин абун гIазаб гьабичIого толаро. Цебесеб аяталда бицараб гIадин цогидал руччабазе гьабуледасаги кIиго нухалъ цIикIараб гIазаб гьабула нужее. **Нужеца гьаракь тIерен гьабун, берцин гьабун, чияр чиясда калам гьабуге. Гьедин гьабуни жиндир рекIелъ унти бугев, иман загIипав, хIалихьатав чиясул ракIалъе нужедехун хабар бици бокьизе бегьула. Нужеца гьездехун абизе ккараб рагIи къокъго ва гьаракь борхичIого абе**, щибго щаклъи ккolареб мухIканаб рагIи абун тIубазабе гьездехун гьабулеб калам. Гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго руччабазул гьаракьги гIаврат букIиналда, цо-цо гIалимзаби гьеб гIаврат гьечIин абун кIалъаниги.

**33. Нуж нужерго рукъзабахъги чIа.** Щибго хIажалъи гьечIого гьаниса къватIире рачIун гIадамазулгун журай гьабуге. **Нужеца жагьилал гIарабияз ва капурал гIадамаз загьир гьабулеб гIадин, нужер черхалъул ва ретIелалъул, курхьин-кIиликIалъул берцинлъиги загьир гьабуге.**

وَقَرۡنَ فِي بُيُوتِكُنَّ وَلَا تَبَرَّجۡنَ تَبَرُّجَ ٱلۡجَٰهِلِيَّةِ ٱلۡأُولَىٰۖ وَأَقِمۡنَ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتِينَ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَطِعۡنَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓۚ إِنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ لِيُذۡهِبَ عَنكُمُ ٱلرِّجۡسَ أَهۡلَ ٱلۡبَيۡتِ وَيُطَهِّرَكُمۡ تَطۡهِيرٗا ٣٣

**Нужеца паризаял какалги рукугI-сужда камил гьабун, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун, гьев разилъи тIалаб гьабун рай. Нужер боцIи-малалдаса паризаяб закатги кье.**
**Нуж Аллагьасеги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласеги صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ мут1иг1лъунги рук1а. Я гьав расуласул рукъалъул агьлу! Т1адег1анав Аллагьасе бокьула нуж ц1акъ рац1адал рук1изе, нужедаса кинабго чороклъи тIаса инзабизе** ва нуж кинабго мунагь-хатIаалдаса ва квешал сипатаздаса рацIцIадги гьаризе.

**34. Нужеца цIале ва лъазабе нужер рукъзабахъ цIалулеб бугеб хирияб Къуръанги, аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ суннатги.** Гьелда рекъараб гIамал гьабе ва гьеб нух хьвадизабе.

وَٱذۡكُرۡنَ مَا يُتۡلَىٰ فِي بُيُوتِكُنَّ مِنۡ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ وَٱلۡحِكۡمَةِۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ لَطِيفًا خَبِيرًا ٣٤

**ХIакълъунго Аллагь жив цIакъ гурхIулев вуго, жинда лагъзадерил киналго гIамалал лъалевги вуго.** Гьел лагъзадерие маслахIат бугеб жо гьезда лъазабулев вуго ва дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде

гьел тIоритIулевги вуго.

إِنَّ ٱلْمُسْلِمِينَ وَٱلْمُسْلِمَٰتِ وَٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ وَٱلْقَٰنِتِينَ وَٱلْقَٰنِتَٰتِ وَٱلصَّٰدِقِينَ وَٱلصَّٰدِقَٰتِ وَٱلصَّٰبِرِينَ وَٱلصَّٰبِرَٰتِ وَٱلْخَٰشِعِينَ وَٱلْخَٰشِعَٰتِ وَٱلْمُتَصَدِّقِينَ وَٱلْمُتَصَدِّقَٰتِ وَٱلصَّٰٓئِمِينَ وَٱلصَّٰٓئِمَٰتِ وَٱلْحَٰفِظِينَ فُرُوجَهُمْ وَٱلْحَٰفِظَٰتِ وَٱلذَّٰكِرِينَ ٱللَّهَ كَثِيرًا وَٱلذَّٰكِرَٰتِ أَعَدَّ ٱللَّهُ لَهُم مَّغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴿٣٥﴾

**35. ХIакълъунго муслимал ва муслиматал**: жидеца исламияб диналъул амру-нагью тIубалел ва гьелда нахърилълъунел. **Муъминзаби ва муъминаталги:** жидеца Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласдаги иман лъун, гьеб иман ритIухъ гьабун жал хьвадулел. **Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулел бихьинал ва гьединалго руччабиги, жидер иманалъулъ, рагIабазулъ, гIамалалъулъ ва нияталъулъ ритIухъал бихьинал ва руччабиги, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиялда гьесие тIагIат-гIибадат гьабиялда сабру гьабун гьелда тIадчIей гьабулел,** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъулел пишаби теялда тIад чIунги **сабру гьабулел бихьинал ва руччабиги, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ х1елун ва гьесул г1азабалдаса х1инкъун рук1улел бихьиналги руччабиги, жидер боцIиялдаса Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло мискин-пакъирасе садакъа кьолел ва закатги кьолел бихьинал ва руччабиги, жидеца Рамазан моцIалъул паризаяб кIал кколел ва суннатал кIалалги кколел бихьинал ва руччабиги, жидеца жидер гIаврат хIарамаб жоялдаса цIунулел бихьинал ва руччабиги:** ГIаврат бахчулел, гьеб зина-хатIаалдаса цIунулел, **жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIемер рехсолел бихьиналги руччабиги:** Кидаго жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ракIалда вукIунел гьев кIалалъги рехсолел, гьесие рецц гьабун АлхIамдулиллагь абун, гьев кIодо гьавун, Аллагьу акбар абун гьев вацIцIад гьавун субх1аналлагь абун гьев цо гьавун Лаилагьа иллаллагь абун абулел. **Гьал цере рехсарал муъминзаби тIадегIанав Аллагьас жидер мунагьал рахчулел ва жидее ахираталда цIакъ кIудияб ажруги хIадурун бугел руго.**

وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ وَلَا مُؤْمِنَةٍ إِذَا قَضَى ٱللَّهُ وَرَسُولُهُۥٓ أَمْرًا أَن يَكُونَ لَهُمُ ٱلْخِيَرَةُ مِنْ أَمْرِهِمْ ۗ وَمَن يَعْصِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَٰلًا مُّبِينًا ﴿٣٦﴾

**36. Цониги муъминчиясда ва муъминай чIужуялда рекъараб гьечIо ва гьезие бегьуларо Аллагьасги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ цо хIукму гьабураб мехалъ, гьеб хIукмуялъул хилапалда иш гьабизе.**

Гьеб хIукмуги жибго тун цоги хIукму гьабизе ва гьеб лъикIаблъун

бихьизе бегьуларо. **Жинца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ва расуласул амруялда гIасилъи гьабурав чи вуго жив баянаб къосиналъ къосарав.** Гьев шаргIалдаса вахъарав чи вуго ва жиндир нухги мекъи ккарав вуго.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир гъарабаш вукIун тархъун, вас гIадин жиндир рукъов вугев Зейд ибну ХIарисатие гьарана жиндир яцгIал Зайнаб бинту ЖахIш. Гьелъие Зейдие ине бокьичIо ва гьей гьеб амру тIубазе нахъчIван чIана. Гьелъул вац ГIабдуллагь ибну ЖахIшиеги бокьун букIинчIо Зайнаб Зайдие кьезе, гьей къурайшияб тухумалъул къадру бугей гIадан йикIун, Зайдги лагъзадерил вукIарав чи вукIун. Цинги тIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рещтIизабуна. ГIабдуллагьги разилъун Зайнабги Зайдие кьуна. Гьел киназдаго Аллагь разилъаги.

وَإِذۡ تَقُولُ لِلَّذِيٓ أَنۡعَمَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَأَنۡعَمۡتَ
عَلَيۡهِ أَمۡسِكۡ عَلَيۡكَ زَوۡجَكَ وَٱتَّقِ ٱللَّهَ
وَتُخۡفِي فِي نَفۡسِكَ مَا ٱللَّهُ مُبۡدِيهِ وَتَخۡشَى
ٱلنَّاسَ وَٱللَّهُ أَحَقُّ أَن تَخۡشَىٰهُۖ فَلَمَّا قَضَىٰ زَيۡدٞ
مِّنۡهَا وَطَرٗا زَوَّجۡنَٰكَهَا لِكَيۡ لَا يَكُونَ عَلَى
ٱلۡمُؤۡمِنِينَ حَرَجٞ فِيٓ أَزۡوَٰجِ أَدۡعِيَآئِهِمۡ إِذَا
قَضَوۡاْ مِنۡهُنَّ وَطَرٗاۚ وَكَانَ أَمۡرُ ٱللَّهِ مَفۡعُولٗا ٣٧

**37. Дуца рехсе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **иман-исламалда тIовитIун жиндие кIудияб нигIмат кьурав ва дуцаги жив тархъун, дурго вас гIадин кIодо гьавун жиндие нигIмат кьурав** Зайд ибну ХIарисатида **дуца абураб гIуж: «Дуца чIужу дуего те ва гьелда цIар тIамуге.**
**Мун Аллагьасдасаги** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъа гьей Зайнабие къварилъи гьабизе» - абун. Дуца жанибги бахчун букIана Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиб загьир гьабизе бугеб амру:** Зайдидаса ятIалъун гьей Зайнаб жиндир чIужулъун йикIунеблъи лъазабун букIана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ. Гьеб амру жинца жаниб цIунун букIана ва Зайдие гьей Зайнаб нахъе йиччазе бокьараб мехалъги гьей йиччаге абун Зайдие насихIат гьабулеб букIана.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму тIубалеблъи ва гьесие бокьараб жо лъугьунеблъи якъинго лъалеб букIиналъ хирияв аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Зайнаб йиччазе Зайдие изну кьолеб букIинчIо, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къадар гьабураб гIуж щведал, жиндир изну гьечIониги гьеб ригьин биххулеблъи лъалеб букIун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бокьун букIинчIо гIадамазда жаниб хабар бицинеги аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ жиндир васлъун вукIарав чиясул чIужу ячун йигин абун.

Гьеб аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ бокьичIеб жо хвезабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **«Мун хIинкъулев вуго гIадамаздаса ва гьез бицулеб рагIиялдаса. Мун гьелдасан хIинкъуге. Мун жиндаса хIинкъизе**

**хIакъав чи цохIо Аллагь ﷻ вуго. Я МухIаммад ﷺ! Зайдица гьей Зайнабил цIар тIамун гьелъул гIидда тIубараб мехалъ дица дуе чIужулъун кьуна гьей Зайнаб.** Гьеб дица гьабуна жагьилиял гIарабиязул гIадат хвезабун жидер васаллъун ккурал гIадамазул рукIарал руччаби рачизе бегьуларин абураб.

**Муъминзабазе щибго къварилъи гьечIого букIизе ва гьезда лъазе жидер васал руго абун рукIарал гIадамаз риччарал руччаби рачизе бегьулеблъи, гьезул гIидда тIубараб мехалъ. Аллагьас ﷻ гьабураб хIукму-къадар жиб тIубалеб, жиб хисулареб букIуна.** Гьеб хIукмуялда рекъон кьуна Аллагьас ﷻ Зайнаб жиндир расуласе ﷺ чIужулъун.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе Зайнаб кьурав Вали живго тIадегIанав Аллагь ﷻ вукIана. Гьедин букIиналъ хирияв авараг ﷺ Зайнабиде тIаде лъугьана гьелъул изну гьечIого, ригьин гьабичIого, нугIзалги гьечIого, магьариде боцIи кьечIого. Гьеб иш буго цохIо аварагасде ﷺ хасаб хIукму.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Зайнаб жий чIухIарайлъун йикIунаан цогидал аварагасул руччабаздаса ва гьелъ абулаан: «Нуж аварагасе ﷺ кьуна нужер бетIергьабаз. Дун аварагасе ﷺ кьуна анкьалго зобазда тIад вугев БетIергьан Аллагьас ﷻ»* - абун. ХIадис имам Бухарияс бицана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ЖахIшил яс Зайнаб чIужулъун ячиналда сверун исламияб диналда ва хирияв аварагасда ﷺ чIегIераб тIанкI лъезе бокьарал гIадамаз гIемераб гьересияб хабар ургъун буго ва гьеб цо-цо тафсиралъул тIахьазда хъванги буго. Нилъеца рекIелчIей гьабулеб жо буго халкъалъулго хирияв МухIаммад авараг ﷺ кинабгIаги гIодобегIанаб пишаялдаса ва узденлъи-бахIарчилъиялъе мукъсанлъи бачIунел сипатаздаса вацIцIадав вукIин.

Аллагьасул ﷻ хIикматалдалъун Зайдил чIужулъун йикIарай Зайнаб гьес цIарги тIамун, гIиддаги тIубан хадуб аварагасе ﷺ кьун йиго: гIарабиязда жаниб букIараб васлъун ккейги, гьелъул хIукмуги хвезабун, гьеб жагьилияб гIадат батIул гьабун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул яцгIалги йикIадго, гьесда йихьулей ва лъалейги йикIиндал, гьев нахъчIвалеб щибго жо букIинчIо гьей Зайнаб Зайдие чIужулъун кьечIого, гьелдаса цеего жинца ячизе. Гьаб хIукмуялъги баян гьабулеб буго исламияб диналда ва аварагасда ﷺ гIайиб чIвазе бокьарал гIадамаз ургъарал къисаби гьересиял харбал рукIин.

Зайд ибну ХIарисат ؓ вукIана аварагасул ﷺ чIужу Хадижатил

Исламияб дин бачIинелде цевего асирлъуда вукIарав ва гьелъ аварагасе ﷺ сайгъат гьавун кьун вукIарав чи. Аварагльи кьун хадуб хирияв аварагас ﷺ Зайд رضي الله عنه тархъун вукIана ва жидерго хъизаналда гьоркьов тун вукIана.

مَّا كَانَ عَلَى النَّبِيِّ مِنْ حَرَجٍ فِيمَا فَرَضَ اللَّهُ لَهُ سُنَّةَ اللَّهِ فِي الَّذِينَ خَلَوْا مِن قَبْلُ وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ قَدَرًا مَّقْدُورًا ﴿٣٨﴾

**38. Аллагьасул аварагасе ﷺ къварилъи букIуларо Аллагьас جل جلاله жиндие парз гьабураб ва хIалал гьабураб жоялъулъ.** Гьедин хIалал гьабураб жоялдаса буго аварагасул ﷺ гIемерал руччаби рукIинги.

**Гьеб гIемерал руччаби рукIин церехун рукIарал аварагзабазул нух буго.** Гьеб нухалда рекъон Аллагьас جل جلاله МухIаммад аварагасеги ﷺ изну кьун буго руччаби рачизе. Аллагьасул свалат салам лъеяв Давуд аварагасул нусго чIужу йикIанин абуна гIалимзабаца. Гьесул вас Сулейман аварагасулги лъабнусго чIужу йикIана, цогиги гъарабашалги рукIана бусаде ккурал (жидеда аскIов вегулел). **Гьаб буго Аллагьас جل جلاله жиб къадар гьабураб ва жиндие щибго хиси гьечIеб хIукму**.

الَّذِينَ يُبَلِّغُونَ رِسَالَاتِ اللَّهِ وَيَخْشَوْنَهُ وَلَا يَخْشَوْنَ أَحَدًا إِلَّا اللَّهَ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ حَسِيبًا ﴿٣٩﴾

**39. Гьел аварагзаби عليهم السلام руго Аллагьасул جل جلاله рисалат умматалъухъе щвезабулел ва гьесул амруялда гIасилъизе хIинкъулел.**

**ЦохIо Аллагьасдаса جل جلاله гурони цоги щивго чиясдаса жалги хIинкъуларел.** Гьел аварагзабазул عليهم السلام нухалда нахъвилълъа мун, я МухIаммад ﷺ, ва дуца гIадамазул хабаралъул щибго кIвар гьабуге. **Гьев Аллагь جل جلاله гIезе вуго кинабго халкъалъе жинца хIисаб-мизан гьабулевлъун** ва гьезие жазаъ гьабулевлъунги.

مَّا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمْ وَلَٰكِن رَّسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ﴿٤٠﴾

**40.** Аллагьасул свалат салам лъеяв **МухIаммад гьечIо нужер цониги бихьинчиясе эменлъун. Гьев вуго Аллагьас جل جلاله жиндир дин малъизе витIарав расул ва аварагзабазул عليهم السلام ахиравги.**

Гьесдаса хадув цоги авараг вукIине гьечIо ва гьес нужехъе щвезабураб исламияб динги абадиялъго букIунеб хIакъаб дин буго. Х1акълъунго **ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалевлъун**. Жинца гьабулеб хIукму-къадаралъул маслихIат лъала гьев Аллагьасда جل جلاله ва жинда жаниб хIикмат-пайда гьечIеб хIукму гьес гьабуларо.

Гьаб аяталъги баян гьабула васлъун чидар чи кквей батIулаб букIин, гьев Зайдги رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вас гьечIеблъи.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱذۡكُرُواْ ٱللَّهَ ذِكۡرٗا كَثِيرٗا ﴿٤١﴾

**41. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсе кигIан кIваниги гIемер ва такрар гьабун рехсеялдалъун.**

وَسَبِّحُوهُ بُكۡرَةٗ وَأَصِيلًا ﴿٤٢﴾

**42. Ва нужеца гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вацIад гьавун тасбихIги гьабе радалги къасиги гIужаз.**

Даимго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалда чIезаве. Гьев нуж рижарав Халикъ вукIин, нуж хьихьулев Разикъ вукIин, Ахираталда нужее жазаъ гьабулев къиямасеб къоялъул БетIергьан вукIин ракIалда чIезабе. Гьес нужее кьурал нигIматазда щукру гьабе. Дунял-ахираталъул балагьаздаса цIуниги, киналго умуразулъ квербакъиги гьесдаса тIалаб гьабе. Кинабго лъикIлъи щвеялде хьулги цохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъе.

هُوَ ٱلَّذِي يُصَلِّي عَلَيۡكُمۡ وَمَلَٰٓئِكَتُهُۥ لِيُخۡرِجَكُم مِّنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِۚ وَكَانَ بِٱلۡمُؤۡمِنِينَ رَحِيمٗا ﴿٤٣﴾

**43. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго** нужеца гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, **жив кидаго нужеда гурхIулев,** нужее кинабго рахъалъан лъикIлъи щвезеги бокьулев.

**Гьединго малаикзабацаги нужее дугIа гьабула ва нужер мунагьал рахчи тIалаб гьабула.** Гьеб кинабго лъикIлъи Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьабулеб буго **купруялъул ва жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса къватIире рахъун нуж иманалъул нуралда тIоритIизе.** ХIакълъунго **Аллагь муъминзабазда жив гурхIулев вуго.** Гьезул дагьаб лъикIаб гIамалалде данде гIемераб ажру гьабулев вуго. Гьезул гIемерал мунагьазда тIаса лъугьун гьезде гурхIел гьабулевги вуго.

تَحِيَّتُهُمۡ يَوۡمَ يَلۡقَوۡنَهُۥ سَلَٰمٞۚ وَأَعَدَّ لَهُمۡ أَجۡرٗا كَرِيمٗا ﴿٤٤﴾

**44. Гьел муъминзабазда къиямасеб къоялъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ данде чIвараб мехалъ гьес салам кьун гьел кIодо гьарула.**

**Гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ кIудияб ажруги хIадурун буго.** Даимго жанир рукIунеб нигIматазул алжан хIадурун буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ إِنَّآ أَرۡسَلۡنَٰكَ شَٰهِدٗا وَمُبَشِّرٗا وَنَذِيرٗا ﴿٤٥﴾

**45. Я гьав авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Дица мун витIун вуго дур умматалъе ва цереккун рукIарал киналго умматазеги дуца нугIлъи гьабулевлъун.**

Киналго аварагзабаца عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер умматазухъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезабуна абун. **Дуца муъминзабазда рохел бицуневлъунги.** Гьезие ахираталда алжаналъул нигIматал ругин абун. **Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ

**инкар ккураб къавмалъе хIинкъи кьолевлъунги,** гьезие ахираталда жужахIалъул гIазаб бугин абун.

**46. Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруялдалъун ва гьесул изнуялдалъун диналде халкъ ахIулевлъунги витIун вуго мун, жинца нур балеб чирахълъунги гьавун вуго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **мун.**

وَدَاعِيًا إِلَى ٱللَّهِ بِإِذْنِهِۦ وَسِرَاجًا مُّنِيرًا ﴿٤٦﴾

Дуца купру-ширкалъул бецIлъиялдаса исламияб диналде рачIулеб нух бихьизабулеб бугелъул, гьел гIадамазе мун вуго бакараб чирахъ гIадин ва гвангъараб бакъ гIадин.

**47. Дуца муъминзабазда рохелги бице, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, хIакълъунго гьезие Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан цIакъ кIудияб цIоб-рахIмат буго абун.**

وَبَشِّرِ ٱلْمُؤْمِنِينَ بِأَنَّ لَهُم مِّنَ ٱللَّهِ فَضْلًا كَبِيرًا ﴿٤٧﴾

Дунялалъул рокъор гьел иман-исламалда тIоритIун руго, ахираталда гьезие алжаналъул нигIматалги руго.

**48. Мун капурал ва мунапикъал гIадамазе бокьараб жоялда нахъвилълъун гьезие мутIигIлъуге. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **дуда амру гьабураб хIалалъ ахIе дуца диналде халкъ.**

وَلَا تُطِعِ ٱلْكَٰفِرِينَ وَٱلْمُنَٰفِقِينَ وَدَعْ أَذَىٰهُمْ وَتَوَكَّلْ عَلَى ٱللَّهِ ۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ وَكِيلًا ﴿٤٨﴾

**Гьез дуе гьабураб къварилъи хIехьон сабру гьабе, дуца тавакалги тIадегIанав Аллагьасде тIаме. Дуе Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гIезе вуго жинда дур амру тIамулевлъун ва жинца дуе квербакъулевлъунги.** Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ таваккал тIамурав чиясе гьес дунялалъулги ахираталъулги умурал бигьа гьарула.

**49. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца муъминал руччаби рачараб мехалъ цинги гьезул цIарги тIамураб мехалъ, нуж гьезда аскIорги регичIого – гьел руччабазда тIад гIиддат гьечIо гьез нужее тIубазе кколеб.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا نَكَحْتُمُ ٱلْمُؤْمِنَٰتِ ثُمَّ طَلَّقْتُمُوهُنَّ مِن قَبْلِ أَن تَمَسُّوهُنَّ فَمَا لَكُمْ عَلَيْهِنَّ مِنْ عِدَّةٍ تَعْتَدُّونَهَا ۖ فَمَتِّعُوهُنَّ وَسَرِّحُوهُنَّ سَرَاحًا جَمِيلًا ﴿٤٩﴾

Гьеб гIиддат букIуна жинда аскIор регарал руччабаца гьабизе кколеб, гьезул рахIмоялда жаниб лъимер ккун бугеблъи яги гьечIеблъи лъазе, цоги росасе иналде цебе. Гьебги лъабго хIайиз бачIизе гIадаб заман буго. ХIайиз бачIунарей чIужуялъ лъабго моцIалъ сабру гьабизе ккола. **Гьел нуж аскIор къачIого цIар тIамурал руччабазе нужеца дагьабго боцIи кье.** Гьезда цIар тIамун бугелъул гьезие дагьаб кумек гьабе кваналеб жо кьун, яги ретIелниги,

гIарацниги кьун. **Цинги щибго зарал гьабичIого берцинаб хIалалъ гьелги жидерго агьлуялъухье риччай.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ إِنَّآ أَحۡلَلۡنَا لَكَ أَزۡوَٰجَكَ ٱلَّٰتِيٓ ءَاتَيۡتَ أُجُورَهُنَّ وَمَا مَلَكَتۡ يَمِينُكَ مِمَّآ أَفَآءَ ٱللَّهُ عَلَيۡكَ وَبَنَاتِ عَمِّكَ وَبَنَاتِ عَمَّٰتِكَ وَبَنَاتِ خَالِكَ وَبَنَاتِ خَٰلَٰتِكَ ٱلَّٰتِي هَاجَرۡنَ مَعَكَ وَٱمۡرَأَةٗ مُّؤۡمِنَةً إِن وَهَبَتۡ نَفۡسَهَا لِلنَّبِيِّ إِنۡ أَرَادَ ٱلنَّبِيُّ أَن يَسۡتَنكِحَهَا خَالِصَةٗ لَّكَ مِن دُونِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَۗ قَدۡ عَلِمۡنَا مَا فَرَضۡنَا عَلَيۡهِمۡ فِيٓ أَزۡوَٰجِهِمۡ وَمَا مَلَكَتۡ أَيۡمَٰنُهُمۡ لِكَيۡلَا يَكُونَ عَلَيۡكَ حَرَجٞۗ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ٥٠

**50. Я гьав авараг ﷺ! хIакълъунго Дица дуе чIужулъун рачизе хIалал гьарун руго дуца жидее магьари кьурал узденал руччаби** Диналде халкъ ахIизе бигьалъи букIизе, батIи-батIиял къавмазулгун гIагарлъи хурхизе г1оло дуе изну кьун буго руччаби рачизе. **Гьединго гъанимат гьабун щварал гъарабашалги хIалал гьаруна. Дур инсул вацазул ва яцазул ясалги хIалал гьаруна чIужулъун рачизе. Дур эбелалъул яцазул ва эбелалъул вацазул ясалги хIалал гьаруна, гьел ясаз Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун мунгун цадахъ Мадинаялде рачIун ругони. Цо муъминчIужуялъ жиндир напс аварагасе х1алал гьабун кьуни магьари тIалаб гьабичIого, гьейги бегьула аварагас ﷺ ч1ужулъун ячизе, гьесие гьей чIужулъун ячизе бокьани. Гьеб хIукмуги аварагасда ﷺ хасаб хIукму буго, цогидал муъминзабазе жиб гьечIеб.**
Гьел муъминзабаца руччаби рачула валиясул изнуялдалъун, кIиго нугIги гьоркьов вукIун, магьариде щиб бугониги боцIиги кьун.
**ХIакълъунго киналго муъминзабазе парз гьабураб руччаби рачиялъул ва гьезул гъарабашазул х1укму Дида лъалеб буго.** Гьаб аяталда жанир ругел хасал масъалаби руго жал аварагасе ругел ва гьесие бигьалъиялъе ругел. **Дуе къварилъи гьечIого букIизе гьабуна гьеб х1укму.** ХIакълъунго **Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндир мунагьал рахчи гIемерав ва гурхIелги г1ат1идав.**

۞تُرۡجِي مَن تَشَآءُ مِنۡهُنَّ وَتُـٔۡوِيٓ إِلَيۡكَ مَن تَشَآءُۖ وَمَنِ ٱبۡتَغَيۡتَ مِمَّنۡ عَزَلۡتَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡكَۚ ذَٰلِكَ أَدۡنَىٰٓ أَن تَقَرَّ أَعۡيُنُهُنَّ وَلَا يَحۡزَنَّ وَيَرۡضَيۡنَ بِمَآ ءَاتَيۡتَهُنَّ كُلُّهُنَّۚ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ مَا فِي قُلُوبِكُمۡۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَلِيمٗا ٥١

**51. Дуе ихтияр буго, я гьав авараг ﷺ, гьел руччабазул дуе бокьарал цIар т1амун нахъе риччазе ва дуе бокьарал дудаго аскIор тезеги. Дуца сордо базе аскIове инчIого тун рукIарал руччабазда аскIов аниги дуе щибго къварилъи гьечIо ва дуда гIайиб букIуларо.**

**Гьаб Аллагьасул ﷻ амруги гьел руччабазул ракI парахалъулеб, гьезул бер бохулеб амру буго. Гьел пашманлъизеги гьечIо ва гьел разиял рукIизе руго дуца гьезул щияй цоялъе кьураб жоялдаса.**

Гьел руччабазда лъараб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас аварагасе ﷺ ихтияр кьун букIин гьес жиндир руччабаздехун гьабулеб гIамал жиндие бокьухъин гьабизе, гьел Аллагьасул ﷻ амруялда разилъула ва гьезие аварагас гьабураб гIамал квешги бихьуларо.

**ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужер ракIазда жаниб бугеб жоги.** ХIакълъунго **Аллагь ﷻ жинда кинабго жо лъалев,** жинца гьабулеб ишалъулъ гIадлу битIарав, хIикмат камилав вуго. **Жиндир гурх1ел-х1алимлъи г1емеравги вуго.**

**52. Гьал дуда ругел ичIго чIужуялде тIаде цогиги чIужу ячизе дуе хIалаллъуларо, МухIаммад ﷺ. Гьел руччаби хисизеги хIалаллъуларо дуе.** Гьезул цIар тIамун гьезул бакIалда цоги руччаби рачинеги хIалаллъуларо, **кигIанго дуда гьел цогидал руччаби берцин рихьун гьел дуе рокьаниги. Дуе гъаниматалдаса щварал гъарабашал хIалаллъула,** гьел руччабилъун рукIунарелъул. ХIакълъунго **ТIадегIанав Аллагь нужер киналго хIалал лъалев, гьезул хъаравуллъи ккурав вуго.** Гьев Аллагьасда ﷻ лъаларо абун ракIалде ккун нужеца шаргIалъул гIорхъаби хвезаруге.

لَّا يَحِلُّ لَكَ ٱلنِّسَآءُ مِنۢ بَعۡدُ وَلَآ أَن تَبَدَّلَ بِهِنَّ مِنۡ أَزۡوَٰجٖ وَلَوۡ أَعۡجَبَكَ حُسۡنُهُنَّ إِلَّا مَا مَلَكَتۡ يَمِينُكَۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ رَّقِيبٗا ﴿٥٢﴾

ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасул ﷺ руччабазе ихтияр кьедал гьез дунялалъул берцинлъи, бечелъи тIаса бищизе, яги Аллагьги ﷻ гьесул расулги, ахираталъул рукъги тIаса бищизе ва гьел руччабаца Аллагьги ﷻ гьесул расулги тIаса вищидал, гьезул хIурмат гьабун, хирияв аварагасда ﷺ амру гьабуна гьел руччабада тIаде цоги руччаби рачунге абун ва гьезул цIар тIамун гьел нахъеги риччаге абун. (28-29 аяталде балагье).

Жинда Аллагь разилъаяй ГIайшатидаса ва цогиги асхIабзабаздаса бицараб цо рагIи буго Аллагьас ﷻ хирияв авараг ﷺ хвелелде гьесие хIалал гьабун букIанин жиндие бокьарабгIан руччаби рачизеян абун. Цоги гIалимзабаца абуна: жагьилиял гIарабиязул гIадат букIана кIиго чи рекъон жидеца руччаби хисулеб: гьасул чIужу досие кьун, досул чIужу гьасие кьун. Гьаб жагьилияб г1адат хвезабун ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дуца гьел руччаби хисизеги

бегьуларо» - абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَدۡخُلُواْ بُيُوتَ ٱلنَّبِيِّ
إِلَّآ أَن يُؤۡذَنَ لَكُمۡ إِلَىٰ طَعَامٍ غَيۡرَ نَٰظِرِينَ
إِنَىٰهُ وَلَٰكِنۡ إِذَا دُعِيتُمۡ فَٱدۡخُلُواْ فَإِذَا
طَعِمۡتُمۡ فَٱنتَشِرُواْ وَلَا مُسۡتَـٔۡنِسِينَ لِحَدِيثٍۚ
إِنَّ ذَٰلِكُمۡ كَانَ يُؤۡذِي ٱلنَّبِيَّ فَيَسۡتَحۡيِۦ
مِنكُمۡۖ وَٱللَّهُ لَا يَسۡتَحۡيِۦ مِنَ ٱلۡحَقِّۚ وَإِذَا
سَأَلۡتُمُوهُنَّ مَتَٰعٗا فَسۡـَٔلُوهُنَّ مِن وَرَآءِ
حِجَابٖۚ ذَٰلِكُمۡ أَطۡهَرُ لِقُلُوبِكُمۡ
وَقُلُوبِهِنَّۚ وَمَا كَانَ لَكُمۡ أَن تُؤۡذُواْ رَسُولَ
ٱللَّهِ وَلَآ أَن تَنكِحُوٓاْ أَزۡوَٰجَهُۥ مِنۢ بَعۡدِهِۦٓ أَبَدًاۚ إِنَّ
ذَٰلِكُمۡ كَانَ عِندَ ٱللَّهِ عَظِيمًا ٥٣

**53. Я Гьал иман лъурал гIадамал! Нуж аварагасул рукъзабахъе лъугьунге, нужее изну кьун хадуб гурони.** Аварагасул хIурмат цIунун, гьесул руччабазе къварилъи гьабичIого букIизе. **Нуж тIагIам кваназе ахIараб мехалъ гьесул рукъзабахъе лъугьизе бегьила, гьеб тIагIам бежабелъизегIан гьесул рокъор гIодор чIун чIечIого,** тIагIам хIадурараб мехалъ лъугьа рукъоре. **Кинниги нуж ахIараб мехалъ рокъорги лъугьа, гьеб тIагIам кванараб мехалъ тIаде рахъун къватIиреги а.**

**Гьесул хабаралда ракI гъун гIодор чIунги рукIунге,** нужго цоцаде хабар бицунелги рукIунге. **ХIакълъунго гьедин нуж рукIин аварагасе ﷺ зарал гьабулеб иш буго. Гьев нечонги вук1ула нужедаса,** нужеда тIаде рахъун къватIире аян абизе, **амма Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нечоларо жинца хIакъаб жо бицизе ва битIараб нух лъазабизе.**

**Гьев аварагасул ﷺ руччабаздаса цо жо тIалаб гьабулеб бугони нужеца гьеб тIалаб гьабе пардавалда нахъа чIун** – гьезул бадире балагьун чIечIого. **Гьедин гьаби бацIцIадаб ва лъикIаб буго нужер ракIазе ва гьезул ракIазеги.** Нич тIаса унеб, щаклъи кколареб буго. **Нужее изну гьечIо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласе щибго жоялдалъун зарал гьабизе. Нужее хIалалаб гьечIо аварагасда ﷺ рукIарал руччаби рачизеги, абадиялъго.** Гьезул хIурмат цIунизе рекъараб буго нужерго улбузул гIадин. Аварагасул ﷺ адаб ц1унизеги тIадаб буго гьев чIаго вугеб мехалъги хвараб мехалъги. **ХIакълъунго нужеца аварагасе ﷺ зарал бугеб жо гьаби Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб цIакъ кIудияб мунагь буго.** Гьелдаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тIаса лъугьуларо. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласе зарал гьаби Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ зарал гьаби буго.

إِن تُبۡدُواْ شَيۡـًٔا أَوۡ تُخۡفُوهُ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُلِّ
شَيۡءٍ عَلِيمٗا ٥٤

**54. Нужеца щиб бугониги жо загьирго гьабуниги, гьеб бухчун, балъго гьабуниги, тIадегIанав Аллагь жинда** гьеб лъалев вуго, ва **кинабго**

**махлукъаталъул ахIвал-хIал лъалев вуго.**

لَّا جُنَاحَ عَلَيْهِنَّ فِىٓ ءَابَآئِهِنَّ وَلَآ أَبْنَآئِهِنَّ وَلَآ إِخْوَٰنِهِنَّ وَلَآ أَبْنَآءِ إِخْوَٰنِهِنَّ وَلَآ أَبْنَآءِ أَخَوَٰتِهِنَّ وَلَا نِسَآئِهِنَّ وَلَا مَا مَلَكَتْ أَيْمَٰنُهُنَّ ۗ وَٱتَّقِينَ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ شَهِيدًا ﴿٥٥﴾

**55. Муъминал руччабазда мунагьхIакъ гьечIо гьез гьумер бахчичIо абун жидерго инсудасаги, васаздасаги, вацаздасаги. вацазул васаздасаги, яцазул васаздасаги, муъминал руччабаздасаги, жидер рукъор ругел гъарабашаздасаги. Нуж Аллагьасдаса ﷻ хIинкъа, я гьал муъминал руччаби, шаргIалъул гIорхъаби хвезаризе. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев.** Нужер ракIалда хъатIараб хивалги лъала Аллагьасда ﷻ, нужер щибаб лагаялъул багъариги лъала.

Бусурманал руччабаца жидер берцинлъи бахчизе тIадаб буго капурал руччабаздасаги: гьез бусурбабазул берцинлъи жидерго росабазда бицун гьезул хьул лъечIого букIизе бусурманал руччабазда.

إِنَّ ٱللَّهَ وَمَلَٰٓئِكَتَهُۥ يُصَلُّونَ عَلَى ٱلنَّبِىِّ ۚ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ صَلُّوا۟ عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا۟ تَسْلِيمًا ﴿٥٦﴾

**56. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас ва гьесул малаикзабацаги свалат битIула кинабго халкъалда расуллъун витIарав аварагасда ﷺ.**

Аллагьас ﷻ свалат битIула абураб рагIиялъул магIна буго гьев Аллагь ﷻ жиндир расуласда гурхIула, гьесул даража-макъамги тIадегIан гьабула, гьев тущбабазул зараланалдасаги цIунула, гьесие квербакъиги гьабула абураб.

Хирияв малаикзабаца аварагасда ﷺ свалат битIулин абураб рагIиялъул магIна буго гьез аварагасе ﷺ дугIа гьабула гьесда Аллагь ﷻ гурхIагиян, гьесул даража-макъам тIадегIан гьабегиян абун.

**Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужецаги свалат битIе гьев хирияв аварагасда ﷺ ва нужеца гьев кIодо гьавун гьесие саламги гьабе.** Нужеда тIад цIакъ кIудияб хIакъ буго гьев аварагасе тIубазе кколеб: гьев вугелъул нуж жужахIалъул г1азабалдаса хвасар гьарун нигIматазул алжаналда лъугьизариялъе сабаблъун вугев. Купруширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде нуж тIоритIаравги. Гьедин бугелъул нужеца хирияв аварагасде ﷺ свалат салам гIемераб битIе. Гьесул цIар рехсанщинахъе: «Аллагьумма ссвали гIала МухIаммадин ва гIала áлигьи ва саллим» абе.

Гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго жинда свалат салам лъеяв МухIаммад авараг Аллагьас ﷻ бижараб кинабго махлукъалъул бищунго

хирияв вукIиналда, гьев жинда Аллагьасул ﷻ рахIмат рещтIулев вукIиналдаги. Т1адег1анав Аллагьас аварагасда ﷺ свалат битIараб мехалъ, гьев кIодо гьавигун цадахъ гьесда Аллагьасул ﷻ рахIматалги рештIула. Гьев авараг ﷺ хирияв вукIиналдалъун гьесда иман лъурал муъминзабиги хириял руго. ТIадегIанав Аллагьас гьел муъминзабазда абиги: «Дица свалат битIула хирияв аварагасда ﷺ, нужецаги битIе гьесде свалат» – абун муъминзабазе бугеб хиралъи ва тIокIлъи буго.

ТIадегIанав Аллагьас хирияв авараг ﷺ уммат алжаналде тIобитIиялъе сабаблъун гьавидалго, муъминзабаз Аллагьасда ﷻ гьари гьев аварагасда свалат салам лъе абун – гьеб буго Аллагьасул ﷻ нигIматазда щукру гьабиялъул цо тайпа.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1алиасх1абасдасан бицараб х1адисалда буго, жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абунин: *«Бахилчи вугин гьев, дунги жинда аск1ов рехсон дида свалат бит1ич1ев чи»*- абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги гьев разилъулеб гIамал гьабизе ва гьесие хирияв аварагасул ﷺ суннат тIубазе.

**57. ХIакълъунго жидеца Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе зарал гьабулел гIадамазе Аллагьас ﷻ лагIнат кьун буго дунялалдаги ахираталдаги.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُؤْذُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ لَعَنَهُمُ ٱللَّهُ فِي ٱلدُّنْيَا وَٱلْـَٔاخِرَةِ وَأَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا مُّهِينًا ﴿٥٧﴾

Гьел Аллагьас ﷻ жиндир рахIматалдаса ва гурхIел-цIобалдаса рикIкIад гьарун руго. **Ахираталда гьезие хIадурун буго жал гIодорегIан гьарулеб жужахIалъул гIазаб.**

**58. Муъминзабазе ва муъминал руччабазе гьезул щибго гIайибги гьечIого къварилъи гьабулел гIадамал руго жидеца бугьтан лъолел ва кIудияб мунагь гьабулел.**

وَٱلَّذِينَ يُؤْذُونَ ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ بِغَيْرِ مَا ٱكْتَسَبُوا۟ فَقَدِ ٱحْتَمَلُوا۟ بُهْتَٰنًا وَإِثْمًا مُّبِينًا ﴿٥٨﴾

**59. Я гьав авараг ﷺ! Дуца дур руччабазда абе ва ясаздаги абе, киналго муъминал руччабаздаги абе, жидеца бетIералдаги черхалдаги тIад гIатIидаб кIаз бай абун.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ قُل لِّأَزْوَٰجِكَ وَبَنَاتِكَ وَنِسَآءِ ٱلْمُؤْمِنِينَ يُدْنِينَ عَلَيْهِنَّ مِن جَلَٰبِيبِهِنَّ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰٓ أَن يُعْرَفْنَ فَلَا يُؤْذَيْنَ ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٥٩﴾

Черхалъул сипат бицулареб, гьумерги бахчулеб кIаз бай, жидеда канлъи бихьизе цо бер къватIибе баккунги те. Гьаб черх бахчи тIадаб буго руччаби

рукъоса къватIире рахъулеб мехалъ. Гьаб рагIиги буго жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица бицараб.

**Гьедин черх бахчараб мехалъ гIадамазда лъала гьел рукIин муъминал руччаби:** жал узданал, жидеца къабихIаб гIамал гьабуларел. **Цинги гьезие зaралги гьабуларо квешаб тIабигIат-гIамал хьвадизе гьабулел хIалихьатал гIадамаз. ТIадегIанав Аллагь вуго муъминзабазда гурхIулев, гьезул мунагьалги рахчулев.**

۞ لَّئِن لَّمْ يَنتَهِ ٱلْمُنَٰفِقُونَ وَٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِم مَّرَضٌ وَٱلْمُرْجِفُونَ فِى ٱلْمَدِينَةِ لَنُغْرِيَنَّكَ بِهِمْ ثُمَّ لَا يُجَاوِرُونَكَ فِيهَآ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٦٠﴾

**60. Мунапикъзабиги, рекIелъ унти бугел иман загIипал гIадамалги, гьединго жидеца Мадинаялъул гIадамазда гьоркьоб гьересияб хабар бицун, гIадамазул ракIазулъе хIинкъи ва щаклъи лъугьине гьабулел гIадамалги, нахъчIван чIечIони гьел квешал гIамалал хьвадизариялдаса, Дица мун гьезда тIаде тIамизе вуго, МухIаммад** ﷺ, гьезда рагъ гьабизе ва гьезие гIазаб гьабизе. **Цинги гьел дур мадугьалзабилъун Мадинаялда хутIизе гьечIо цIакъго дагьаб заманаялъ гурони:** гьениса лъутун къватIире инегIан заманаялъ гурони.

مَّلْعُونِينَ أَيْنَمَا ثُقِفُوٓا۟ أُخِذُوا۟ وَقُتِّلُوا۟ تَقْتِيلًا ﴿٦١﴾

**61. Жидеда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ццим бахъаралльун, гьесул рахIматалдаса рикIкIад гьаруралльун ине руго гьел Мадинаялдаса нахъе.**

**Кир жал ратаниги гьел муъминзабаца кквезе руго ва чIвазеги руго.** Гьел ругелъул Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде данде чIарал, гьесул аварагасе ﷺ ва муъминзабазе зарал гьабулел гIадамал.

سُنَّةَ ٱللَّهِ فِى ٱلَّذِينَ خَلَوْا۟ مِن قَبْلُ ۖ وَلَن تَجِدَ لِسُنَّةِ ٱللَّهِ تَبْدِيلًا ﴿٦٢﴾

**62. Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьасул нух ва гIадат:** цересел умматазул мунапикъзабазеги гIазаб жинца гьедин гьабуна. **Гьеб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нухалъе щибго хиси букIунаро.**

Дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад ﷺ, дуда сверухъ ругел мунапикъзабаца дуе гьабулеб къварилъиялда. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьездасаги ццим босизе буго ва гьел инжит гьарун нужеда гьоркьоса къватIир къотIизе руго.

يَسْـَٔلُكَ ٱلنَّاسُ عَنِ ٱلسَّاعَةِ ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ ٱللَّهِ ۚ وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّ ٱلسَّاعَةَ تَكُونُ قَرِيبًا ﴿٦٣﴾

**63. ГIадамаз дуда гьикъулеб буго, МухIаммад** ﷺ, **къиямасеб къоялъул хабар.** Мушрикаца мун

махсароде гьавун, ахират букIиналда иман лъечIого абулеб буго кидаха букIине бугеб гьеб къиямасеб къо абун.

**Дуца гьезда абе, х1акълъунго гьеб къиямасеб къо кида букIунеблъи тIадегIанав Аллагьасда лъала.** Гьеб буго Аллагьас ﷻ гIадамал жинда раккизе гьаруларeб гьаибаб иш. **Дудаги лъаларо, МухIаммад** ﷺ, **гьеб къиямасеб къо цIакъго аскIобе щун батизе бегьулеблъиги.** Гьеб буго мушриказе хIинкъи кьун абулеб рагIи. Жиб бачIин хIакъаб жо бугелъул, къиямасеб къо цIакъ гIагарда букIизеги бегьула.

**64. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас капурзабазе лагIнат кьуна ва гьезие ахираталда жужахIалъул цIадул гIазабги хIадурун буго.** إِنَّ ٱللَّهَ لَعَنَ ٱلۡكَٰفِرِينَ وَأَعَدَّ لَهُمۡ سَعِيرًا ﴿٦٤﴾

Гьел Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса рорчIизе гьечIо.

**65. Даимго рукIинелъун лъугьизарула гьел капурзаби жужахIалъул гIазабалъулъ ва гьезие кумек гьабулев, гьел гIазабалдаса хвасар гьарулев гьудул-гьалмагъги, валиги вукIуларо.** خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدٗاۖ لَّا يَجِدُونَ وَلِيّٗا وَلَا نَصِيرٗا ﴿٦٥﴾

**66. Гьеб къиямасеб къо буго капурзабазул гьурмал жужахIалда жанир сверсвезарулеб къо:** цIеда жаниб маххул чIоралда тIад ххун, гьан бежизабулеб гIадин. يَوۡمَ تُقَلَّبُ وُجُوهُهُمۡ فِي ٱلنَّارِ يَقُولُونَ يَٰلَيۡتَنَآ أَطَعۡنَا ٱللَّهَ وَأَطَعۡنَا ٱلرَّسُولَا۠ ﴿٦٦﴾

**Гьел капурзабацаги абулеб: «Вай нижее бугеб къварилъи! Вай ниж Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги мутIигIлъун рукIараланищ!» - абун.**

**67. Жидецаги абула: «Я нижер БетIергьан! ХIакълъунго ниж мутIигIлъун рукIана нижер сайидзабазда ва нижер церехъабазда. Гьез къосизаруна ниж битIараб нухалдаса.** وَقَالُواْ رَبَّنَآ إِنَّآ أَطَعۡنَا سَادَتَنَا وَكُبَرَآءَنَا فَأَضَلُّونَا ٱلسَّبِيلَا۠ ﴿٦٧﴾

**68. Я нижер БетIергьан! Дуца гьезие гIазаб гьабе кIиго нухалъ цIик1кIун ва дуца гьезие цIакъ кIудияб лагIнатги кье!» - абун.** رَبَّنَآ ءَاتِهِمۡ ضِعۡفَيۡنِ مِنَ ٱلۡعَذَابِ وَٱلۡعَنۡهُمۡ لَعۡنٗا كَبِيرٗا ﴿٦٨﴾

Гьеб жужахIалъул агьлуялъ бицараб хабаралъухъ гIенеккулев чи вукIуларо, гьезул мукIурлъиги зигардиги къабул гьабуларо. Жидер церехъабиги, хъанчалги, аллагьзабиги гьелгун цадахъ жужахIалъур рукIула ва гьел жидер чурхдуздалъун жужахI боркьулеб жолъун

рукIула.
Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги нилъ гьеб гIазаб тIад гьабулеб гIамал гьабиялдаса. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги жив разилъулеб гIамал гьабизе.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَكُونُواْ كَٱلَّذِينَ ءَاذَوۡاْ مُوسَىٰ فَبَرَّأَهُ ٱللَّهُ مِمَّا قَالُواْۚ وَكَانَ عِندَ ٱللَّهِ وَجِيهٗا ٦٩

**69. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж рукIунге жидеца Муса аварагасе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **къварилъи гьабурал гIадамазда релълъун.**
Гьев Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жинца черх бахчулев вукIиндал, гьесда цояз абуна тIомалда тIад барас (проказа) унти бугин гьесда абун. Цогидаз абуна гьесда къуркъул буго абун (грижа паховая). **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **Муса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **вацIцIад гьавуна гIадамаца жинда чIвараб гIайибалдаса. Гьев Муса авараг** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **БетIергьан Апллагьасда аскIов цIакъ къадру бугев вукIана.** Жиндир дугIаялъе жаваб гьабулевлъун вукIана, жинда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ к1алъарав, Калимуллагьги вукIана.
Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Муса авараг* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *вукIана жиндие цIакъ гIадамазул бераздаса вахчун вукIизе бокьулев. Гьев цIакъ нечолевги вукIана, жиндир черх загьир гьабула ревги вукIана. Гьесие бануисраилазул цо гIадамаз къварилъи гьабуна ва гьез абуна: «Гьав гьадигIанго вахчизе гIилла гьечIо гьасул тIомалда унти букIун гурони, яги гьесул цахма гьорораб букIун гурони, яги цоги гIузру букIун гурони» - абун.*
*ТIадегIанав Аллагьасе бокьана Муса авараг* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *гьел гIадамаз бицунеб гIайибалдаса вацIцIад гьавизе. Цо къоялъ гIадамал гьечIеб бакIалде ун, тIаса ретIел бахъун, гьеб цо гамачIалда тIадги лъун, Муса черх чуризе лъугьана. Черхги чурун тIад ретIел ретIизе абун Муса гамачIалде аскIове щведал, гьеб гамачI Мусал ретIелгун цадахъ гьесдаса лъутун ана. Муса авараг* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *жиндир гIансаги босун гамачIалда хадув лъугьана. «Дир ретIел кье гамачI» - абун ахIулаго. Гьедин Муса авараг* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *цо жамагIат бугеб бакIалде аскIове щвана. Гьезда Мусал черх бихьана цIакъ берцинаб, жинда т1ад щибго гIузру гьечIеб. Гьедин вацIцIад гьавуна Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *Муса авараг* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *гьел г1адамазул гIайибалдаса»* - абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَقُولُواْ قَوۡلٗا سَدِيدٗا ٧٠

**70. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса хIинкъа.**
Гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъи гьабуге.
**Нужеца хIакъаб, битIараб рагIиги бице.**

Гьересияб, жинда жаниб инсанасе зарал бугеб рагIиги бицунге.

يُصۡلِحۡ لَكُمۡ أَعۡمَٰلَكُمۡ وَيَغۡفِرۡ لَكُمۡ ذُنُوبَكُمۡۗ وَمَن يُطِعِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَقَدۡ فَازَ فَوۡزًا عَظِيمًا ٧١

**71. Нуж Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун хьвадани Аллагьас ﷻ нужее лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ кьела, гьабураб гIамалги къабул гьабила.**

**Нужер мунагь-хатIаалдаса гьев тIасаги лъугьила. Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги мутIигIавлъун хьвадарав чиясул цIакъ кIудияб лъикIлъиялда ва Аллагь ﷻ разилъиялда кверщел батула.**

Дунялалда къварилъи-балагьалдаса цIунаравлъун вукIула, жив битIараб нухда ва хIакъаб диналда вукIиналдалъун. Жинца гьабулеб гIамал Аллагь ﷻ разилъи, гьесул расул разилъи тIалаб гьабун гьабулеб букIин лъан ракI парахатлъун, Аллагьасда ﷻ божун ва гьесда тавакал тIамун вукIула. Ахираталда Аллагьас ﷻ гьесие нигIматазул алжаналги хIадурун руго даимго жив жанив вукIизе. Капурав, мунапикъав чиясул дунялалъул чIаголъи кидаго рахIат гьечIеб, хIинкъи цадахъ бугеб букIула, ахираталдаги гьесие абадияб жужахIалъул гIазаб букIула.

إِنَّا عَرَضۡنَا ٱلۡأَمَانَةَ عَلَى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَٱلۡجِبَالِ فَأَبَيۡنَ أَن يَحۡمِلۡنَهَا وَأَشۡفَقۡنَ مِنۡهَا وَحَمَلَهَا ٱلۡإِنسَٰنُۖ إِنَّهُۥ كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا ٧٢

**72. ХIакълъунго Дица зобалаздаги, ракьалдаги, мугIруздаги дир аманат тIад босилищан бакка-бахъи гьабуна. Гьел разилъичIо аманат тIад босизе ва гьел хIинкъана жидеда гьеб аманат баччизе ва тIубазе кIвеларин абун.**

**Дир аманат тIад босана инсанас. Гьеб аманат тIад босулеб гIужалъ инсан жиндирго напсалъе зулму гьабулевлъун вукIана:** Жинца гьеб напсазда захIмалъулеб, напсалъе рихараб ва бокьулареб жо тIад босиялдалъун. **Гьеб аманат тIаде босиялдалъун жинда тIад бачIунеб амру ва амруялъул хIакъикъикъат лъаларевги вукIана.**

Жинца гьеб аманат тIубараб мехалъ Аллагь ﷻ разилъи щун ва нигIматазул рукълъун бугеб даимаб алжан щун жиндие букIине бугеб рохелги бахьибуголъиги лъаларев вукIана. Жинца гьаб аманат тIубачIеб мехалъ ахираталда жиндие абадияб жужахIалъул гIазаб букIунеблъиги лъаларев вукIана.

Ва амма гьев инсан Аллагьас ﷻ цIакъ хира гьавун вижун вугелъул, жиндие гIелму-гIакълуги кьун бугелъул, гьев инсан гIедегIана БетIергьан Аллагьас жинда бакка-бахъи гьабураб аманат тIад босизе. Гьев инсанасда лъана БетIергьанас жинда бакка-бахъи гьабураб жоялда

жаниб жиндие маслихIат букIунеблъи, гьев Аллагьас ﷻ инсансда гьесие квешаб жо гьабеян абулареблъи.

Кинабго рецц буго Аллагьасе ﷻ гьев лъалел, гьесул аманат тIад босараздаса нилъ гьариялъухъ. Аллагьасда ﷻ гьари ва дугIаги буго гьеб аманат тIубазе тавпикъ кьун, жив разилъи насиблъун гьабеян абун.

Аманат абураб рагIиялъул магIна буго божилъи гьаби. Гьаб аяталда жаниб аманат абураб рагIиялъул магIна буго Аллагьасул ﷻ парз тIад боси. Гьесул амру-нагью ва гьесул расуласул нух тIад боси. Аллагьас ﷻ нилъее аманат гьабун кьун буго нилъер кинабго черх ва киналго лугбал.

Гьедин аманат гьабун кьураб жоялъул бищун хирияб буго гIелму ва гIакълу. Гьеб гIелму-гIакълуялдалъун тIад босараб аманат буго тIадегIанав Аллагь цо вукIин лъан, гьев кинабго махлукъалъул Халикъ ва Разикъ вукIин, гьесие лагълъи гьабизе тIадаб букIин лъан, гьесда иман лъей ва гьесул расул ритIухъ гьави. Гьеб иман лъейлъун бугеб аманат тIад босараб мехалъ, Аллагьас ﷻ нилъее аманатлъун кьун ругел киналго лугби Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе ﷺ бокьараб хIалалъ хьвадизари буго аманат тIубай.

Зобалаздаги ракьалдаги гьеб аманат тIад босиларищан бакка-бахъи гьабунаян абураб рагIиялъул магIна буго аманат цIакъ кIудияб амру букIин баян гьаби. Гьеб магIнаялда буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIиги: «Гьаб Къуръан мегIералда тIад рещтIизабун букIарабани дуда гьеб мегIер Аллагьасдаса ﷻ хIинкъун бихъ-бихъун унеб бихьилаан»-абураб. Суратул Хlашр (21). Гьаб аманат инсанасда бакка-бахъи гьабиялъе сабаб бицун ва гьеб тIаде босун хадуб букIунеб хIасил бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

لِّيُعَذِّبَ ٱللَّهُ ٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱلْمُنَٰفِقَٰتِ وَٱلْمُشْرِكِينَ وَٱلْمُشْرِكَٰتِ وَيَتُوبَ ٱللَّهُ عَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٧٣﴾

**73. Аллагьас ﷻ мунапикъал бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе, гьединго жидеца ширк гьабурал бихьиназеги руччабазеги гIазаб гьабизе. Аллагьас ﷻ муъминал бихьиназул ва руччабазул тавбуги къабул гьабизе, гьезие ахираталда алжаналги насиб гьаризе.** ХIакълъунго **ТIадегIанав Аллагь вуго жив муъминзабазда цIакъ гурхIулев, жинца гьезул мунагьал чурулев.**

Гьаб аяталда жаниб мунапикъзаби цере рехсана мушриказдаса гьел мунапикъзабазул гIамал бугелъул аманат тIубангутIи.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда

буго: *«Мунапикъчи жиндалъун ватIа гьавизе лъалеб лъабго кIудияб гIаламат буго: жинда гьабураб аманаталъе хиянат гьаби, жинца гьереси бицин, жинца къотIиялъе хилиплъи гьаби, гьеб тIубангутIи.»*- абун. Х1адис имам Бухарис бицана.

Гьел мунапикъзабазул гIамалалъул зарал цIикIкIараб буго муъминзабазе мушриказул гIамалалъул заралалдаса. Мунапикъзаби жидеца иман лъуна абун муъминзабазда гьоркьор журан рукIула ва гьезул ракIазулъ купру букIун, кидаго гьел муъминзабазе щиб заралдай гьабилаян ургъулел рукIула.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун суратул АхIзабалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 34. Сурату Сабаъ

سُورَةُ سَبَإٍ

*Маккаялда рещтIизабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила ункъго аят бугеб.*

*Сурату Сабаъ Маккаялда рещтIизарурал суратаздаса бугелъул, гьелда жаниб исламияб диналъул бищунго кIудияб аслу – Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, хадуб аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ритIухъ гьари ва ахираталда иман лъей баян гьабун буго.*

*Кинабго махлукъат жинца бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев БетIергьанасе рецц гьабиялдалъун байбихьи гьабун буго сураталъе. Гьеб махлукъат бижарав Халикъ жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев, жиндир гуч бергьарав хан вукIин бицун буго. Гьеб буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналъе рачулел далилазул баянаб ва жиндир хIужа гучаб далил.*

*Хадуб мушриказул хIал бицун буго, гьез ахираталде инкар кколеб букIинги баян гьабун буго. Цо-цо аварагзабазул عَلَيْهِمُالسَّلَامُ къисабиги рицун руго. Давуд аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ, гьесул вас Сулейман аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ ва гьезие Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къураб ханлъиялъул, гьезие квегъараб махлукъаталъул бицен гьабун буго: гьури квегъи, хIайваназул мацI лъай, щайтIаби квегъи, Давуд аварагасда عَلَيْهِالسَّلَامُ цадахъ рухIчIаголъиялъ ва гъветI-хералъ тасбихI гьаби бицун буго.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул рисалат хIакъаб букIиналъе далилал рицун руго, гьесдехун хIалхъублъи гьабулел мушриказул рагIиги батIул гьабун буго. Сураталъул ахиралдаги гьел мушрикал Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялда ва гьев цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялде ахIулел руго.*

*Сураталда цIар лъуна Сабаалъул сурат абун, Сабаъ абулеб къавмалъул къиса бицун букIиналъ гьаб сураталда жаниб. Гьаб Сабаъ абулеб къавм буго Йеменалъул ракьалда рукIарал ханзабиги гьезул рагIиятги (халкъ, ханлъиялда гъоркь ругел гIадамал). Гьеб къавм букIана ГIиса витIилелде ункънусго соналъ цебе. Гьезул ракь цIакъ бечедаб букIана, гIадамалги гIорцIарал, роххарал рукIана. Гьеб халкъалда иблисалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нигIматазда щукру гьаби кIочезабидал, гьезул рекIелъе чIухIи лъугьун, жидер гьунар-къуваталдалъун бугин гьаб бечелъиги лъикIлъиги абун гьезда ракIалде ккедал, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел гьалаг гьаруна ва хадусел умматазе вагIзалъун гьезул къисаги гьабуна.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى
ٱلْأَرْضِ وَلَهُ ٱلْحَمْدُ فِى ٱلْءَاخِرَةِ ۚ وَهُوَ ٱلْحَكِيمُ
ٱلْخَبِيرُ ﴿١﴾

1. **Кинабго рецц ва щукру ТӀадегӀанав Аллагьасе буго.**
Киналго нигӀматазул бетӀергьан гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вугелъул, инсанас гьабулеб щукру ва рецц щив чиясе гьабуниги- гьеб Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб щукру ва рецц букӀула. Нилъее нигӀматал кьеялъе сабаблъун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир махлукъат гьабуниги, гьеб нигӀмат кьолев ва гьелъул хӀакъикъияв бетӀергьан тӀадегӀанав Аллагь вуго. **Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мулк буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъат. Ахираталдаги кинабго щукру ва рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго. Гьев вуго жиндир тадбир хӀакимияв:** лагъзадерие маслихӀат бугеб хӀукму гурони жинца гьабуларев, **жинда лагъзадерил киналго хӀалал лъалевги вуго;** загьирабги балъгоябги, кӀалалда бугебги ракӀалда бугебги лъалев вуго.

يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا
يَنزِلُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيهَا ۚ وَهُوَ
ٱلرَّحِيمُ ٱلْغَفُورُ ﴿٢﴾

2. **ТӀадегӀанав Аллагьасда лъала ракьалда жаниб лъугьулеб жо:**
хварал чагӀи ракьулъе лъугьин лъала, цӀад бан гьелъул лъим ракьулъе лъугьинги лъала, гъветӀ-хералъул кьибил ракьулъе лъугьинги лъала. **Гьеб ракьулъан къватӀибе бачӀунеб жоги лъала Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ: хур-хер бижун бачӀин, иццал-лъарал раккун рачӀинги лъала. **Зодиса рещтӀулеб жоги лъала Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ: цӀад рещтӀинги, рахӀматалъул яги гӀазаб гьабулел малаикзаби рещтӀинги лъала. **Гьел зобалазда бахунеб жоги лъала Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ: лагъзадерил лъикӀал гӀамалал ва гьез Аллагьасдехун гьабулеб гьари ва хӀели бахула зобалазда. **Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жив лагъзадерида гурхӀулев, жинца мунагьалги чурулев**. Жинда мутӀигӀал лагъзадерил гӀамал къабул гьабун, гьезул дуг1аялъе жаваб гьабун, жегиги лъикӀаб гӀамал гьабизе тавпикъ кьолев, жинда гӀасилъарал гӀадамазе гӀазаб гьаби хех гьабичӀого, гьезие тавбу гьабизе рес кьолев.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَا تَأْتِينَا ٱلسَّاعَةُ ۖ قُلْ بَلَىٰ
وَرَبِّى لَتَأْتِيَنَّكُمْ عَٰلِمِ ٱلْغَيْبِ ۖ لَا يَعْزُبُ
عَنْهُ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَلَا فِى
ٱلْأَرْضِ وَلَآ أَصْغَرُ مِن ذَٰلِكَ وَلَآ

3. **Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ **ахираталдаги инкар ккурал гӀадамаца абулеб буго нижее къиямасеб къо бачӀизе гьечӀин абун. Дуца гьезда абе, МухӀаммад** ﷺ**; гьеб бачӀизе бугин гьедула дун дир БетӀергьан Аллагьасул**

أَكْبَرُ إِلَّا فِي كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ٣

**цIаралдалъун-абун.**
**Жинда балъгоябги жо лъалев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго гьев. Гьесул лъаялдаса борчIун кколаро цохIо заррагIадаб жоги. Зобалазда бугониги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьеб, ракьалда тIад бугониги лъала. Гьеб зарраялдасаги гьитIинаб бугониги лъала, гьелдаса кIудияб бугониги лъала. Гьеб кинабго жо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб бугеб тIехьалда хъван буго** ва гьесул гIелмуялъулъ буго.

Гьеб гьитIинаб зарраги балъго хутIулареб мехалъ жиндир лагъзадерил ахIвалалги лъаларищха Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ. Гьесда аскIоб киналго лагъзадерил гIамалал малаикзабаца хъван хIадур гьарун рукIула. Гьаб къиямасеб къо бач1изе буго:

لِّيَجْزِيَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ ۚ
أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ٤

**4. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ алжаназдалъун жазаъ гьабизе жинда иман лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзабазе.**
**Гьел руго жидее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан мунагьал рахчи бугел ва хирияб, сахаватаб алжаналъул ризкъиги бугел гIадамал.**

وَٱلَّذِينَ سَعَوْ فِىٓ ءَايَٰتِنَا مُعَٰجِزِينَ
أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مِّن رِّجْزٍ أَلِيمٌ ٥

**5. Жидеца дун гIажиз гьавизеян, дидаса жал бергьилин абун ракIалде ккун, дир КъуръаналдагIайиб чIван ва дир авараг гьереси гьавун хьвадарал гIадамал руго жидее ахираталда цIакъ квешаб гIазаб бугел, жинца унтизабулеб** даимаб гIазабалъулъ жал рукIунел.

وَيَرَى ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ ٱلَّذِىٓ أُنزِلَ إِلَيْكَ
مِن رَّبِّكَ هُوَ ٱلْحَقَّ وَيَهْدِىٓ إِلَىٰ صِرَٰطِ
ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَمِيدِ ٦

**6. Жидее гIелму-лъай кьурал асхIабзабазда лъала,** (гьел руго китабияб агьлоялъул г1алимзаби Г1абдуллагь ибну Салам г1адал.) гьезда хадур рачIарал Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъулел г1алимзабаздаги лъала **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуде рещтIизабураб Къуръан хIакъаб жо букIин.**
**Гьеб Къуръан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб диналда ва битIараб нухда тIоритIулеб жо букIинги: жиндир гуч бергьарав, жив веццарав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин буго гьеб.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ هَلْ نَدُلُّكُمْ عَلَىٰ رَجُلٍ
يُنَبِّئُكُمْ إِذَا مُزِّقْتُمْ كُلَّ مُمَزَّقٍ إِنَّكُمْ لَفِى
خَلْقٍ جَدِيدٍ ٧

**7. Жидеца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал Маккаялъул мушриказ абуна: «Нижеца вихьизавилищ нуж хун ва гьан-ракьа тIутIун ун хадуб цIидасан**

**чIаго гьарун тIаде рахъизаризе ругоян жинца абулев чи?» - абун.** Гьеб рагIи мушрикаца абуна Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде гьавун, ахират букIиналде божичIого.

أَفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَم بِهِۦ جِنَّةٌۢ بَلِ ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِٱلْـَٔاخِرَةِ فِى ٱلْعَذَابِ وَٱلضَّلَـٰلِ ٱلْبَعِيدِ ﴿٨﴾

**8. Цогиги гьел мушрикаца абуна: «Гьев чи вуго жинца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIунтIизабун гьереси бицулев, яги жив жундуца ккурав, гIадалаб хабар бицулев чи» - абун.**

Гьезул рагIи нахъчIван тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: гьав авараг гьечIо жинца гьереси бицулев яги жив жундуца ккурав. **Ахираталде иман лъечIел гIадамал руго жидее жужахIалъул гIазаб букIизе бугел ва хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ жал ругел.**

أَفَلَمْ يَرَوْا۟ إِلَىٰ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ ۚ إِن نَّشَأْ نَخْسِفْ بِهِمُ ٱلْأَرْضَ أَوْ نُسْقِطْ عَلَيْهِمْ كِسَفًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَةً لِّكُلِّ عَبْدٍ مُّنِيبٍ ﴿٩﴾

**9. Гьел мушрикал балагьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ жидеда цебеги, жидеда хадубги ва жидер киналго рахъазда сверун лъугьун ругел зобалаздаги ракьалдаги.**

Гьеб кинабго махлукъат бижарав, гьелъул тадбир гьабулев БетIергьан Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьел хун хадур тIаде рахъизаризе кIолеблъиги лъазе ккеларищ? **Дие бокьани дица гьел мушрикал ракьалда къурчIизе гьарила, яги гьезде тIаде зодисан гIазаб рещтIизабила.** Цинги бугищха гьезул дир гIазабалдаса рорчIизе бакI ва гьеб гIазаб нахъчIвазе хIалкIолъи? **ХIакълъунго Гьаб бицараб жоялда жаниб жинца пикру гьабулев, жив тавбуялдалъун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссулев лагъасе гIаламатал руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналде ва гьесул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел.**

۞ وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ مِنَّا فَضْلًا ۖ يَـٰجِبَالُ أَوِّبِى مَعَهُۥ وَٱلطَّيْرَ ۖ وَأَلَنَّا لَهُ ٱلْحَدِيدَ ﴿١٠﴾

**10. ХIакълъунго, дица Давуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَام кьуна дир рахъалъан хиралъи ва тIокIлъи.**

Гьесие авараглъи кьуна, гьесда Забур рещтIизабуна, мугIрулги квегъана гьевгун цадахъ жидеца тасбихI гьабизе, гьесие маххги тамах гьабуна чед гьабулеб гIатI гIадин ва гьеб маххалъул къолденал гьаризеги лъазабуна.

**Дица абуна: «Я гьал мугIрул! Нужеца гьав Давуд аварагасда عَلَيْهِ السَّلَام цадахъ дие тасбихI гьабе, нужецаги гьабе дие тасбихI, я гьал хIанчIи!» - абун.** Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام цIакъ берцинаб гьаракь букIана. Гьес гьаракь борхун тасбихI гьабулеб мехалъ ва Забур цIалулеб

мехалъ кинабго рухIчIаголъи гьесухъ гIенеккун чIолеб букIана, гьев гIодулеб мехалъ цадахъ гIодулебги букIана.

**Дица гьев Давуд аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **маххги тамах гьабуна.** Гьеб махх цIаялъ биизабизе кколеб букIинчIо, квартIица бухизеги кколеб букIинчIо. Давуд аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ кодоб гьеб гIатI гIадин букIулаан, жиндиего бокьараб тIагIел гьелъул гьабизе.

أَنِ ٱعْمَلْ سَٰبِغَٰتٍ وَقَدِّرْ فِى ٱلسَّرْدِ ۖ وَٱعْمَلُوا۟ صَٰلِحًا ۖ إِنِّى بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١﴾

**11. Дица гьесда абуна: «Дуца гIатIидал, рагъухъабазул черх цIунулел къолденал гьаре.**
**Гьеб къолденалъул хьухьин ва гIуцIи мухIканаб, жиндаса мунпагIат босулеб хIалалъ гьабе:** тIеренаб, картIал гIатIидаб гьабун чIор черхалда щвезе толеб гьабуге. Биццатаб, бакIаб гьабун жиб баччизе захIматабги гьабуге».

**Нужецаги лъикIаб гIамал гьабе, я гьав Давудил** عَلَيْهِ السَّلَامُ **агьлу!** Инсул хиралъиялда ва гьесул хIалтIиялда божун рукIунге. Нужеего дунялалъеги ахираталъеги гIамал гьабе. **ХIакълъунго дун вуго нуж киназго гьабулеб гIамал дида бихьулев** ва дица нужер г1амалазда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

Жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабаздаса бицараб хIадисалъулъ буго: «Давуд аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ къолденал гьарулел рукIана цинги гьел ричулелги рукIана. Гьезухъ бачIараб мухьалъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа садакъаде кьолеб букIана, цо бутIа жиндир хъизаналъе напакъаялъе кьолеб букIана, цо бутIа хIажалъи ккараб мехалъ садакъаде ва жамагIаталъул гIаммаб амруялъе кьезе абун нахъе лъун толеб букIана»-абун.

وَلِسُلَيْمَٰنَ ٱلرِّيحَ غُدُوُّهَا شَهْرٌ وَرَوَاحُهَا شَهْرٌ ۖ وَأَسَلْنَا لَهُۥ عَيْنَ ٱلْقِطْرِ ۖ وَمِنَ ٱلْجِنِّ مَن يَعْمَلُ بَيْنَ يَدَيْهِ بِإِذْنِ رَبِّهِۦ ۖ وَمَن يَزِغْ مِنْهُمْ عَنْ أَمْرِنَا نُذِقْهُ مِنْ عَذَابِ ٱلسَّعِيرِ ﴿١٢﴾

**12. Дица Сулейман аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьуриги квегьана.** Гьеб гьуриялъул хехлъиги цIакъ кутакаб букIана: **радалалдаса къалъизегIан гьелъ толаан цо моцIалъ лебалал жидеда рекIунел хIайваназ толеб гIадаб нух. Къалъаралдаса къасилъизегIанги гьедигIанабго нух толаан.** Гьеб гьуриялъул кумекалдалъун Сулейман авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир улкаялъул бокьараб бакIалде унаан цадахъ боялги рачун. Радал къватIире арал гьел гIемераб бакIалдеги щун, къаси тIад руссунги рачIулаан.

**Дица гьев Сулеймание** عَلَيْهِ السَّلَامُ **тIохьиги чвахизабуна:** Лъим гIадин ракьалда т1ад хьвадулеб хIалалъ тамах гьабуна Сулеймание тIохьи – гьесул эмен Давудие махх тамах гьабураб гIадин. Гьеб маххги тIохьиги

тамах гьаби Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб баянаб ва загьираб мугIжизат букIана гьев кIиявго аварагасе.

**Гьединго Сулейман аварагасе ﷺ дица жундулги квегьана,** гьесие хIалтIи гьабизе ва гьесие хъулухъ гьабулеллъун рукIизе. Гьез гьабулеб букIана гIадамазда жиб гьабизе кIолареб захIматаб ва гIемераб хIалтIи. **Гьеб кинабго жо Аллагьасул ﷻ амруялдалъун ва гьесул хIукмуялдалъун букIана. Сулейманил ﷺ амруялда гIасилъарал жундузда дица цIакъ боркьараб жужахIалъул гIазаб чIамизабизе буго.**

يَعۡمَلُونَ لَهُۥ مَا يَشَآءُ مِن مَّحَٰرِيبَ وَتَمَٰثِيلَ وَجِفَانٖ كَٱلۡجَوَابِ وَقُدُورٖ رَّاسِيَٰتٍۚ ٱعۡمَلُوٓاْ ءَالَ دَاوُۥدَ شُكۡرٗاۚ وَقَلِيلٞ مِّنۡ عِبَادِيَ ٱلشَّكُورُ ﴿١٣﴾

**13. Гьел жундуца Сулейман аварагасе ﷺ ралел рукIана гьесие бокьарал г1адинал, рорхатал ва кутакал кIалг1аби. БатIи-батIиял къаркъалабиги (статуял) гьарулел рукIана.**

Маххалъул, тIохьиялъул ва цогидабги жоялъул. Гьеб Сулейманил шаргIалда статуяби гьари хIарамаб букIинчIо, гьезие лагълъи гьаби хIарамаб букIана. Нилъер шаргIалда статуяби гьари хIарам гьабуна гьезие лагълъи гьабизе гIадамал лъугьинчIого рукIизе.

**ЦIакъ кIудиял гъадарабиги (хIарччал, боганал) гьарулел рукIана щайт1абаца:** жидеда жанибе лъим тIураб мехалъ хIор буго абун кколел. **Гьединго чIахIиял хьагалги гьарулаан цо бакIалда лъун рукIулел,** доре-гьанире росизе кIоларел. **Дица гьев Сулейманида ва гьесул агьлуялдаги абуна: «Нужеца Аллагьасе ﷻ щукру гьабе гьал кIудиял нигIматал жинца нужее кьурав» - абун.**

Нужее авараглъиги кьун, жундулги квегъун, махх-тIохьиги тамах гьабун ва цогиги гIемерал нигIматал кьун ругелъул, нужеца Аллагьасе ﷻ щукру гьабун гьесие гIибадат гьабе ва гьев разилъулеб гIамал гьабе.

**Ва амма нигIматазда жидеца щукру гьабулел гIадамал дир лагъзадеридаса цIакъго дагьал гурони гьечIо.** Гьеб рагIиялдалъун ТIадегIанав Аллагьас кантIизарулел руго жиндие щукру гьабизе тIадаб букIиналда ва гьеб щукру гьабиялде гьесизарулелги руго.

فَلَمَّا قَضَيۡنَا عَلَيۡهِ ٱلۡمَوۡتَ مَا دَلَّهُمۡ عَلَىٰ مَوۡتِهِۦٓ إِلَّا دَآبَّةُ ٱلۡأَرۡضِ تَأۡكُلُ مِنسَأَتَهُۥۖ فَلَمَّا خَرَّ تَبَيَّنَتِ ٱلۡجِنُّ أَن لَّوۡ كَانُواْ يَعۡلَمُونَ ٱلۡغَيۡبَ مَا لَبِثُواْ فِي ٱلۡعَذَابِ ٱلۡمُهِينِ ﴿١٤﴾

**14. Дица гьев Сулейман авараг ﷺ хвезавураб мехалъ гьев хун вукIиналда гIадамал ва жундул кантIизаричIо гьесул гIанса кванараб хIапараялъ (хIутIалъ) гурони.**

**Гьеб гIансаги бегун Сулейманил**

**къаркъала гIодобе бортун индал жундузда** лъана гьев хун вукIараблъи **ва гьел балъгояб жо лъалел рукIаралани** жидеда Сулейман عَلَيْهِ السَّلَامُ хун вукIинги лъазе кколеб букIана ва **жал гIемераб заманаялъ захIматаб хIалтIи гьабулел хутIизе рукIинчIо.**

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гIадамаз абулеб букIана жундузда балъгояб жо лъалаян. Сулейман авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир как балеб бакIалда как балев вукIадго хвана ва жиндир гIансаялда тIадги ваччун, жив чIагояб мехалъ вукIараб хIалалъ, тIубараб лъагIелалъ гьадин вукIана. Гьев чIаго вугин абун гьесдаса хIинкъун, жидеца гьабулеб букIараб хIалтIи гьабулел жундулги рукIана.

Цинги гьесул гIанса ракьалда цун бугеб бакIалдаса хIапараялъ кваналеб букIун, гьеб гIанса цояб рахъалде гьетIана, хадуб бегунги ана. Гьеб гIансагун цадахъ Сулейманил къаркъалаги гIодобе бегун ана. Цинги лъана жундузда Сулейман хун вукIараблъи, г1адамаздаги лъана дозда балъгояб жо лъалареблъи.

Сабит ал-Бананиясдаса бицараб хабаралда буго: Аллагьасул салам лъеяв Давуд аварагас жиндир лъималаздаги, руччабаздаги, цогидаб агьлуялдаги сордо-къоялда жаниб как балеб замана бикьун букIана. Гьев Давудил агьлуялде тIаде щиб заманаялъ лъугьаниги, гьесул рукъов как балев чи ватулаан абун.

Жидеда Аллагь разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *бицунго бокьулеб как бай буго Давуд аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ *как бай. Гьев сардил бащадаб заманаялъ кьижулев вукIана. Цинги тIаде вахъун сардил лъабго бутIа гьабун цо бутIа как балаго инабулеб букIана. Сардил ахиралда анлъго бутIа гьабун цо батIа хутIараб мехалъ кьижулев вукIана. Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *бицунго бокьулеб кIал ккевейги Давуд аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ *кIал кквей буго: гьес цо къоялъ кIал кколеб букIана, цоги къоялъ кIал биччан вукIулев вукIана. Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *диналъе гIоло гъазават гьабулеб мехалъ ва тущманасде данде чIвараб мехалъ гьев рагъдаса лъутулевги вукIинчIо»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабир асхIабасдаса бицараб хIадисалдаги буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Давуд аварагасул* عَلَيْهِ السَّلَامُ *вас Сулейманил эбелалъ Сулейманида* عَلَيْهِ السَّلَامُ *абуна: «Я дир вас, мун сардилъ гIемер кьижуге. Сардилъ гIемер кьижиялъ инсан къиямасеб къоялъ пакъиравлъун гьавула»*-абун. Ай гьесул лъикIаб гIамал дагьлъула абураб магIна буго гьеб рагIиялъул

**15. ХIакълъунго, цIакъ кIудияб гIаламат букIана Сабаалъул къавмалъе**

لَقَدْ كَانَ لِسَبَإٍ فِي مَسْكَنِهِمْ ءَايَةٌ جَنَّتَانِ عَن

يَمِينٍ وَشِمَالٍ كُلُوا مِن رِّزْقِ رَبِّكُمْ وَاشْكُرُوا لَهُ بَلْدَةٌ طَيِّبَةٌ وَرَبٌّ غَفُورٌ ﴿١٥﴾

**гьез гІумру гьабун бугеб ракьалда Аллагь ﷻ цо вукІиналда ва гьесул хІалкІолъи гучаб букІиналда тІоритІел гьабулеб,** гьелъул жидеца пикру гьабизе ва Аллагьасде ﷻ иман лъун, гьесул нигІматазда щукру гьабун хьвадизе. **Гьезул шагьаралъул кваранаб ва квегІаб рахъалда цІакъ кІудиял ахал рукІана** гьезда жаниб батІи-батІияб тІагІамаб пихъ бижулел, жанисан лълъимал хьвадулел, жидер рагІдукь чІун гІадамаз рахІат гьабулеб.

Къатадат абулев гІалимас абуна: гьел ахазул пихъ барщараб мехалда бетІералда тІад гьегьги лъун гьений жанисан чІужугІадан уней йикІана ва гьеб гьегь тІасан гъун (бортун) бачІараб пихъалъ цІолеб букІана, щибго гІакъуба бихьичІого-абун.

Дица гьел гІадамазда авараг витІун, гьесул мацІалдалъун абуна: **«Нужеца кванай БетІергьанасул ризкъи ва гьеб ризкъи нужее кьурав Аллагьасе ﷻ щукруги гьабе. Гьаб нуж жанир чІун ругеб ракь цІакъ лъикІаб ракь буго:** ах-хур гІемер бижулеб, гьава-бакъ рекъараб, нигІматал гІемераб. **Нужер БетІергьан Аллагьги ﷻ мунагьал чурулев ва жив гурхІулев вуго.** Гьев БетІергьанасул ризкъи кванараб мехалъ ва гьесие щукруги гьабураб мехалъ, Аллагьас ﷻ нужее дунялалда нигІматал жегиги цІикІкІизарула, нужер мунагь-хатІа тІаса лъугьун тола ва ахираталдаги нужее алжаналъул нигІматал кьола.

ЦІакъ кІудияб хІикмат буго БетІергьан Аллагьас ﷻ жиндир халкъалъул тадбир гьабиялъулъ. Дунялалъул рукъов жиндир лагъ батІи-батІиял нигІматал кьун хьихьулев вуго, гьесие киналго маслигІаталги рекъезарулел руго. Гьев лагъасда тІад къалеб жоги буго: «Дуда лъай дур БетІергьан Аллагь вукІин ва гьес дуе кьурал нигІматалги кванан гьев Аллагьасе ﷻ щукру гьабе, дурго маслахІаталъе гІоло берцинаб тІабигІат-гІамал гьабунги хьваде» - абун.

Гьаб аманат тІубарав лагъасе Аллагьас ﷻ дунялалъул рукъобго бахьибуголъи кьолеб буго: гьесие ризкъиги гІатІид гьабулеб буго, гьесул ракІги парахат гьабулеб буго, гьесул чІаголъиги рахІатаб, хІинкъи гьечІеб гьабулеб буго. Ахираталдаги Аллагьас ﷻ жиндир аманат тІубарав лагъасе абадиял алжаналъул нигІматал кьолел руго. Жиндие щибго къварилъи-захІмалъи гьечІого гьаб дунялалъулги ахираталъулги сагІадат (бахьибуголъи) босизе ресги букІаго, инсан валагьулев вуго Аллагь ﷻ жинда разилъулареб, гьесие бокьулареб, жиндирго напсалъе къварилъи щолеб гІамал гьабиялде.

Инсанас абадияб рахIат-лазаталдаса тIаса бищулеб буго дагьабго заманаялъ жиндир напсалъе щолеб гьересияб, щайтIанияб лазат. Гьеб гIамал инсанасда берцин бихьизабулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесул тущманлъун гьабураб, жиндаса цIунеян абун лъазеги гьабураб щайтIаналъ. Жив вижарав, жив хьихьулев, ахираталда жиндир гIамалазда рекъараб жазаъ жиндие гьабулев БетIергьанасдаги гIасилъун, гьев БетIергьан Аллагьасулги жиндирги тущманлъун бугеб щайтIаналъе инсан мутIигIлъи гьечIищха цIакъ тамашаяб амру!

فَأَعۡرَضُواْ فَأَرۡسَلۡنَا عَلَيۡهِمۡ سَيۡلَ ٱلۡعَرِمِ وَبَدَّلۡنَٰهُم بِجَنَّتَيۡهِمۡ جَنَّتَيۡنِ ذَوَاتَيۡ أُكُلٍ خَمۡطٖ وَأَثۡلٖ وَشَيۡءٖ مِّن سِدۡرٖ قَلِيلٖ ١٦

**16. Гьел Сабаалъул къавмги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялдаса ва гьесул расуласе мутIигIлъиялдаса руссана, гьез Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нигIматазе щукруги гьабичIо.**

**Цинги дица гьезде тIаде биччана жидер сангарал риххулел иххал ва лъарал.** Иххал абула кутакаб ц1ад бадалго сали-х1ащгун жубан бач1унеб лъималда. Гьеб иххица гьезул ахалги чIунтизаруна: цоял гъутIби кьолболъан рахъана, цогидал лъималда гъоркь гъанкъана, гьезул росабиги чIунтизаруна ва гIадамалги рикь-рикьун, цоги ватIан цIехон гьениса нахъе ана.

Гьеб Сабаалъул къавмалъ щулияб сангар гьабун букIана жидер росабаздаги ахаздаги тIаде лъим кIанцIичIого букIизе ва жидер аххурги берцинго ва бечедго букIизе. Гьеб сангаралда нахъа лъугьараб хIоралъул лъималдалъун жидеца ах-хурги лъалъалеб букIана. Гьаб Сабаъ ракьалда йикIана Сулейман аварагасде عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ иман лъурай Билкъис абулей ханги.

**Дица гьезул бечедал ахазул бакIалда бижизабуна жиндир пихъ кьогIаб, жибгоги кваназе к1олареб заз-хъарахъ, асалалъул гъутIби ва дагьабго сидроялъул гъутIбиги.** Гьаб кинабго жо буго гIадамаз рехун тараб, жиб къачIалареб гIалахалда бижулеб гьветI-хер.

ذَٰلِكَ جَزَيۡنَٰهُم بِمَا كَفَرُواْۖ وَهَلۡ نُجَٰزِيٓ إِلَّا ٱلۡكَفُورَ ١٧

**17. Гьаб жазаъ гьабуна дица сабаалъул къавмалъе, гьез Аллагьасдеги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул нигIматаздеги инкар ккураб мехалъ.**

**Гьадинаб квешаб жазаъ гьабулищха капурал гIадамазе гурони?**

وَجَعَلۡنَا بَيۡنَهُمۡ وَبَيۡنَ ٱلۡقُرَى ٱلَّتِي بَٰرَكۡنَا فِيهَا قُرٗى ظَٰهِرَةٗ وَقَدَّرۡنَا فِيهَا ٱلسَّيۡرَۖ سِيرُواْ فِيهَا لَيَالِيَ وَأَيَّامًا ءَامِنِينَ ١٨

**18. Дица Сабаалъул росабаздаги ва жиделъ баракат бугел Шамалъул ракьалда ругел росабазда гьоркьоб цоял цоязда рихьулел, жал цоцазда гIагарда**

**ругел росаби гьаруна.**

**Сабаалдаса Шамалде унел гIадамазе щибаб къоялъ индал къаси сордо базе цо росулъан цоги росулъе щолеб хIал гьабуна. Дица гьел гIадамаздаги абуна: «Нуж хьваде гьал росабазда гьоркьор ва нужеца сапар гьабе сардилъги, къадги, нуж щибго хIинкъичIого» - абун.** Гьез цадахъ квен-тIех баччизе кколеб букIинчIо, цIогьабаздаса, гъачагъаздаса хIинкъи букIинчIо, къаси сордо базе чIолеб бакIалъулги къварилъи букIинчIо.

فَقَالُواْ رَبَّنَا بَٰعِدۡ بَيۡنَ أَسۡفَارِنَا وَظَلَمُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ فَجَعَلۡنَٰهُمۡ أَحَادِيثَ وَمَزَّقۡنَٰهُمۡ كُلَّ مُمَزَّقٍۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَٰتٖ لِّكُلِّ صَبَّارٖ شَكُورٖ ١٩

19. Гьал нигIматазда щукру гьабичIого ва Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъичIого жидее бугеб рахIат-лазат чIалгIун, гьел гIадамаз абуна: **Я нижер БетIергьан! Дуца нижер сапар халат гьабе:** нижер росаби цоцаздаса рикIкIад гьаре- **абун. Гьез жидерго напсазе зулму гьабуна Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нигIматазда инкар ккун. Дица гьеб къавмги гьабуна хадусел умматазе жидер къиса бицунеллъун.** Гьел гьалаг гьарун, гьезул росаби чIунтизе гьарун, гьезул бицен нахъе хутIана, гьезул наслу-тухум тIагIана. **Дица гьел тIетIезарун, рикьизарун, батIи-батIияб бакIалде ккезаруна,** жидер ватIан гьечIел, магIишат гьечIел, миллат-тухум гьечIел гьаруна.

**ХIакълъунго гьаб Сабаалъул къавмалъул къисаялъулъ пикру гьабулев чиясе вагIза-насихIат ва гIибрат буго. Жидеца балагьазда сабру гьабулел, Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нигIматазда щукру гьабулел гIадамазе Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламаталги руго.**

وَلَقَدۡ صَدَّقَ عَلَيۡهِمۡ إِبۡلِيسُ ظَنَّهُۥ فَٱتَّبَعُوهُ إِلَّا فَرِيقٗا مِّنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٢٠

**20. Гьал хIакъаб диналдаса къосарал гIадамал иблисалъ жиндир мурад тIубарал гIадамал руго:**
иблисалъе гьел жинда нахърилълъинаризе бокьун букIана, **гьел иблисалда нахъги рилълъана, Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъурал гIадамазул дагьабго къокъа хутIизегIан.**

وَمَا كَانَ لَهُۥ عَلَيۡهِم مِّن سُلۡطَٰنٍ إِلَّا لِنَعۡلَمَ مَن يُؤۡمِنُ بِٱلۡأٓخِرَةِ مِمَّنۡ هُوَ مِنۡهَا فِي شَكّٖۗ وَرَبُّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٍ حَفِيظٞ ٢١

**21. ХIакълъунго гьеб иблисалъул ихтияр ва гьунар букIинчIо гIадамал къосизаризе:** гьезул ракIазулъ вас-вас ккезабизе, гьелда жаниб ТIадегIанав Аллагьасул хIикмат букIун гурони.

Гьеб хIикматги буго **Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **загьираб лъаялдалъун лъазе жидеца ахираталда иман лъурал ва гьеб ахиратальул хIакъалъулъ**

**жал щакдарулел ругел гIадамалги.** Гьезие ахираталда жидер гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе, гьел жидер гIамалалда мукIур гьарун, гьелъие нугIзал чIезарун. **Дур БетIергьан Алллагь жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьелъул тадбир гьабулев вуго.** Гьел лагъзадерил гIамал хъварал кагътал нахъе цIунулев вуго.

ТIадегIанав Аллагьас иблис лагъасде тIад биччана абураб рагIиялъул магIна буго гьев лагъасул хIалбихьизе гIоло гьесда вас-вас ккезабизе, гьев щакдаризавизе биччала щайтIан абураб.

ЩайтIаналда инсан къосизавизе кIоларо. Къосин лагъасул гIамал буго, къосизарулел вас-васал ккезари щайтIаналъул гIамал буго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунарав чиясе щайтIаналъул вас-васаз щибго зарал гьабуларо. Х1асанул Басрияс абуна: нуж ралагье: гьеб щайтIаналъ цониги чиясда гIанса кьабуларо, гьезда хIал гьабун щибго жоги гьабизабуларо. ЩайтIаналъул гIамал буго гIадамал гукки, гьезул хьул лъезаби. Гьелъул гуккиялъе жаваб кьурав чи вуго жив къосарав чиян абун.

قُلِ ادْعُوا الَّذِينَ زَعَمْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ لَا يَمْلِكُونَ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ وَمَا لَهُمْ فِيهِمَا مِن شِرْكٍ وَمَا لَهُ مِنْهُم مِّن ظَهِيرٍ ﴿٢٢﴾

**22. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ! Нужеца ахIи бай Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабурал аллагьзабазда.** Нужее лъикIлъи гьабе абун ахIе гьезда, яги нужедаса зарал нахъчIвае абун ахIе. Гьеб ахIи гIадада хвараб жо букIизе буго.

**Гьел аллагьзабазул гьунар гьечIо, гьезул хIалги кIоларо цохIо зарра гIадаб жо гьабизе зобалазда жаниб ва ракьалда тIад бугеб махлукъаталъе. Гьел алагьзаби Аллагьасе гIахьалчагIилъунги гьеч1о зобал-ракьал рижиялъулъ ва гьезул тадбир гьабиялъулъ. Гьев БетIергьан Аллагьасе гьезул щибго квербакъиги гьечIо.** Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьезда хIажатавги гьечIо. Жиндир ханлъиялъул ва хIалкIолъиялъулъ жив цогояв вуго. Кинабго жо жинде хIажатав, жив щибго жоялда хIажатав гьечIевги вуго.

وَلَا تَنفَعُ الشَّفَاعَةُ عِندَهُ إِلَّا لِمَنْ أَذِنَ لَهُ حَتَّىٰ إِذَا فُزِّعَ عَن قُلُوبِهِمْ قَالُوا مَاذَا قَالَ رَبُّكُمْ قَالُوا الْحَقَّ وَهُوَ الْعَلِيُّ الْكَبِيرُ ﴿٢٣﴾

**23. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIов цогидасе шапагIат гьабун кIалъазе кIолев чи вукIуларо, гьес шапагIат гьабизе изну кьурав чи гурони.** Гьел руго аварагзаби عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ Аллагь жидеда разиял муъминзаби ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло рухI бичарал шагьидзабиги. **Жидеца шапагIат гьабизе изну кьуразул ракIаздаса**

**хIинкъи араб мехалъ, гьез цояз цояздехун абула: нужер БетIергьан Аллагьас щиб жо абураб?-абун.**

Гьел жидерго напсазул ургъалилъ, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ цIакъ хIинкъун рукIиндал, гьезда абураб мехалъ нужедаса Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рази вугин ва нужее изну кьолеб бугин гьесде г1асилъарал муъминзабазе шапагIат гьабизе абун – гьел гIажаиблъун хутIула ва жидеда рагIараб жо хIакъаб бугодай абун цоцаздехун хитIаб гьабула. **Жидеда доб суал гьабураз абула Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **хIакъаб жо абунаян абун.** Гьес нилъее изну кьуна муъминзабазе шапагIат гьабизе. **ХIакълъунго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндир даража тIадегIанав, жиндир ханлъи ва хIалкIолъи кIудияв**.

۞قُلۡ مَن يَرۡزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ قُلِ ٱللَّهُۖ وَإِنَّآ أَوۡ إِيَّاكُمۡ لَعَلَىٰ هُدًى أَوۡ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ﴿٢٤﴾

**24. Дуца дудехун дагIба-къец гьабулел мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, Зобалаздасаги ракьалдасаги нужее ризкъи кьолев щив вугев?-абун.**

Гьез дуе жаваб гьабуларо ва гьезул жаваб гьабизе ресги букIуларо, гьев цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго абун мукIурлъи гуреб. **Гьез жаваб гьабичIони дуца абе Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго гьев жинца ризкъи кьолев Разикъ. ХIакълъунго ниж ругониги, яги нуж рукIаниги нилъер цоял хIакъаб, битIараб диналда ругоха, яги баянаб, тIубараб къосиналъулъ ругоха - абун.**

ХIакъаб диналда муъминзаби рукIин мухIканаб иш бугониги, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир аварагасда лъазабулеб буго жинда данде вугев дагIбадуласда квешаб, ракI бекулеб хитIаб гьабичIого, гьесул ракI холареб хIалалъ калам гьабизе. Дица бицараб жоялда нуж гIенеккулел гьечIони ва дица бачараб хIужа-далил нужее гIолебги гьечIони дир нужеда гьабизе зулму-хIал гьечIо, ва амма хIакъаб жо бугоха я дун, яги нуж цоял ритIарал рукIин гьаб дагIба-къецалъулъ, цоял мекъал рукIин. Гьадинаб калам гьабураб мехалъ дагIбадулав ургъизе рес букIула ва гьесие вагIза-насихIаталъ мунпагIат гьабизеги бегьула.

قُل لَّا تُسۡـَٔلُونَ عَمَّآ أَجۡرَمۡنَا وَلَا نُسۡـَٔلُ عَمَّا تَعۡمَلُونَ ﴿٢٥﴾

**25. Жегиги дуца гьезда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **къиямасеб къоялъ нужеда гьикъизе гьечIо нижер мунагьаздаса ва нижедаги гьикъизе гьечIо нужер гIамалаздаса»-абун.**

Гьабги буго жегиги аварагас жиндир напс гIодобегIан гьаби ва жинда данде вугев дагIбадуласул хIурмат гьаби жинца баян гьабулеб раг1и.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас ﷻ абулеб буго дуца гьезда абе: «Нижер мунагьаздаса нижеда гьикъизе буго, нужеца гьабураб гIамалалдаса нужеда гьикъизе буго» - абун. Мунагьал муъминзабазул напсазда гIунтIизаруна, авараг гьезул рахъалда вугев дагIбадулав вугелъул. Жинда данде ругел мушриказда абуна «нужер гIамал» абун. Гьаб рагIи жиндир пикру гьабизе рекъараб ва жиндаса вагIза босизе мустахIикъаб буго.

قُلْ يَجْمَعُ بَيْنَنَا رَبُّنَا ثُمَّ يَفْتَحُ بَيْنَنَا بِٱلْحَقِّ وَهُوَ ٱلْفَتَّاحُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٢٦﴾

**26. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, Аллагьас ﷻ нужги нижги данде гьаризе руго къиямасеб къоялъ, цинги нилъеда гьоркьоб Аллагьас ﷻ хIакъаб ва битIараб хIукму гьабизе буго.**

ХIакълъунго **тIадегIанав Аллагь вуго хIакъаб жоялдалъун хIукму гьабулев, халкъалъул киналго хIалалги жинда лъалев.** Гьес щивго чиясе зулму гьабуларо. ГIадилаб хIукму гьабун хIакъаб исламияб диналда рукIарал муъминзаби алжаналде лъугьизарула, купру-ширкалда рукIарал гIадамал жужахIалдеги лъугьизарула.

قُلْ أَرُونِيَ ٱلَّذِينَ أَلْحَقْتُم بِهِۦ شُرَكَآءَ ۖ كَلَّا ۚ بَلْ هُوَ ٱللَّهُ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٢٧﴾

**27. Дуца мушриказда абе, МухIаммад ﷺ, дида рихьизаре нужеца жидее лагълъи гьабулел аллагьзаби;** нужеца Аллагьасда ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел хъанчал рихьизаре дида.

Дун валагьизе вуго гьезда, щиб жодай буго гьезие лагълъи гьабизе гIиллалъун ва сабаблъун бугеб абун. Гьаб рагIи буго мушриказул хIужа гьечIолъи тасдикъ гьабизе абулеб рагIи. **ГьечIо гьел хъанчал жидее лагълъи гьабизе мустахIикъал. ЦохIо Аллагь ﷻ вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жиндир гуч бергьарав хан ва жиндир гIадлу битIарав хIаким.**

وَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ إِلَّا كَآفَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Дица мун расуллъун витIун гьечIо, МухIаммад ﷺ,** цохIо гIарабиязда, **Дица мун витIун вуго кинабго халкъалда расуллъун.**

**Гьезул мутIигIазе алжаналдалъун рохел бицизе, гьезул Аллагьасда ﷻ гIасилъаразе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъиги кьезе. Кинниги гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго,**

жидерго купру-ширкалда ва жагьиллъиялда хьвадулел руго. Гьез Аллагьасда ﷻ иман лъолеб гьечIо ва ахират букIинги ритIухъ

гьабулеб гьечIо.

29. Авараг махсароде гьавун **гьез абулеб буго кидаха букIизе бугеб нижее къотIи гьабураб гIазаб, нуж битIараб жо бицунел ратани - абун.**

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٢٩﴾

**30. Дуца гьезда абе, МухIаммад** ﷺ**, нужее къотIи гьабураб гIазаб бачIин хIакъаб жо буго.**

قُل لَّكُم مِّيعَادُ يَوْمٍ لَّا تَسْتَـْٔخِرُونَ عَنْهُ سَاعَةً وَلَا تَسْتَقْدِمُونَ ﴿٣٠﴾

**Гьеб гIазаб гьабулеб къо цохIо лахIзаталъ нахъги бахъуларо, цохIо лахIзаталъ цебеги гьабуларо.** Нужее бокьухъин букIуларо Аллагьасул ﷻ амру ва хIукму. Нужеца Аллагьасул ﷻ гIазаб хехго бачIин тIалаб гьабичIого, гьесда иман лъезе ва гьев разилъи тIалаб гьабизе хехлъи гьабе.

**31. Маккаялъул капурзабаца абуна нижеца гьеб дуца цIалулеб Къуръаналда иман лъеларин, гьелдаса цере рещтIизарурал тIахьаздеги иман лъеларин-абун. Дуда рихьизе ругелани, МухIаммад** ﷺ **гьел капурзаби къиямасеб къоялъ Аллагьасда** ﷻ **цере эхетизарун чIезарун рукIунеб хIал. Гьел цоял цояздехун къацандулеб хIалги. Жал лагълъиялда ва загIиплъиялда рукIарал гIадамаз жидеца ханлъи ва гIамалкIодолъи гьабун рукIарал тIадчагIаздехун абула нуж рукIинчIелани ва нужеда нахърилълъунги рукIинчIелани ниж Аллагьасда иман лъураллъун рукIилаан- абун.** Нужеца къосизарунин ниж, ва нужее гьабизе кколин нижер къосиналъулги гIазаб - абун.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَن نُّؤْمِنَ بِهَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ وَلَا بِٱلَّذِى بَيْنَ يَدَيْهِ ۗ وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلظَّٰلِمُونَ مَوْقُوفُونَ عِندَ رَبِّهِمْ يَرْجِعُ بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ ٱلْقَوْلَ يَقُولُ ٱلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ لَوْلَآ أَنتُمْ لَكُنَّا مُؤْمِنِينَ ﴿٣١﴾

**32. Цинги гьел церехъабаца абула жидеда нахърилълъун рукIаразда: нижецайищха нуж битIараб нухдаса ва хIакъаб диналдаса руссизарурал, нужехъе хIакъаб дин бачIун хадуб? ГьаричIо нижеца нуж хIакъаб диналдаса руссизе.** Нилълъехъ цохIо авараг вачIана ва нилъеда цохIо дагIватги гьабуна. **Нуж руго нужецаго купру-ширк ва мунагьал гьарурал - абун.**

قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوٓا۟ أَنَحْنُ صَدَدْنَٰكُمْ عَنِ ٱلْهُدَىٰ بَعْدَ إِذْ جَآءَكُم ۖ بَلْ كُنتُم مُّجْرِمِينَ ﴿٣٢﴾

**33. Цинги жал загIипаллъун рукIарал гIадамаз дол церехъабилъун рукIаразда**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟

بَلۡ مَكۡرُ ٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِ إِذۡ تَأۡمُرُونَنَآ أَن نَّكۡفُرَ بِٱللَّهِ وَنَجۡعَلَ لَهُۥٓ أَندَادٗاۚ وَأَسَرُّواْ ٱلنَّدَامَةَ لَمَّا رَأَوُاْ ٱلۡعَذَابَۚ وَجَعَلۡنَا ٱلۡأَغۡلَٰلَ فِيٓ أَعۡنَاقِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْۖ هَلۡ يُجۡزَوۡنَ إِلَّا مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ٣٣

**абула:** рукIинчIо ниж купру-ширкалда. **Нужеца релъедалги къадги макру гьабун, гуккун, нахъчIвана ниж хIакъаб дин бихьиялдаса ва гьеб дин гьабиялдаса.**
**Нужеца амру гьабулеб букIана нижеца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар кколеб абун ва гьесдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабе абунги.**
**Гьаб кIиябго къокъаялъ цIакъ кIудияб пашманлъи рекIелъ бахчун букIула жидеца ширк гьабиялда ва Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабунгутIиялда. Гьаб пашманлъи гьезда бачIула жидеда жужахIалъул гIазаб бихьараб мехалъ. Дица капурал гIадамазул габуралда гудралги рала.** Маххул рахсал ва гудрал рала капурзабазул габуралда, жужахIалъул цIадул гIазабалде тIадеги. **Гьаб кинабго гIазаб гьазие гьабулищха жидеца гьабураб гIамалалъе жазаълъун букIун гурони?** Гьабуларо.

وَمَآ أَرۡسَلۡنَا فِي قَرۡيَةٖ مِّن نَّذِيرٍ إِلَّا قَالَ مُتۡرَفُوهَآ إِنَّا بِمَآ أُرۡسِلۡتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ٣٤

**34. Дица цониги къавмалда ва росдал агьлуялда витIарав авараг хутIичIо, гьеб къавмалъул чIухIарал ва зулмуял церехъабаца абичIого:**
**ХIакълъунго нижеца инкар кколеб буго нуж жиндалъун нижехъе ритIараб диналдаян абун.**

وَقَالُواْ نَحۡنُ أَكۡثَرُ أَمۡوَٰلٗا وَأَوۡلَٰدٗا وَمَا نَحۡنُ بِمُعَذَّبِينَ ٣٥

**35. Маккаялъул мушриказги абуна: нижер боцIи-мал гIемераб буго, васалги гIемер руго, тухум-кьибилги кIудияб буго. Нижее гIазаб гьабизе гьечIоян.**
Гьез абуна: нижедасан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разияв вукIиналъ кьун буго нижее дунялалъул бечелъи. Ахираталдаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нижее гIазаб гьабизе гьечIоян- абун. Гьезул ракIазулъе дунялалъул бечелъи гурони лъугьулеб гьечIо, гьезул пикруги боцIи-малалде буссараб, гьелда машгъуллъараб буго. Гьедин бугелъул гьез ахираталъул амруги дунялалда борцунеб буго.

قُلۡ إِنَّ رَبِّي يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ وَيَقۡدِرُ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعۡلَمُونَ ٣٦

**36. Дуца гьезда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, ХIакълъунго дир БетIергьанас ризкъи гIатIид гьабун кьола жиндие бокьарав чиясе, жиндие бокьарасе ризкъи къваридги гьабула.**

Гьеб гьечIо инсанасул бахьибуголъиялда ва бахьикъосиналда рекъон букIунеб иш. Инсанасул бахьибуголъи бараб буго гьесул рекIелъ бугеб иманалда ва гьесул черхалъ гьабулеб гIамалалдаги.

**Кинниги гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго.** Дунялалъул боцIи инсан гуккулеб жо букIин жидеда лъаларел руго. Гьеб боцIи жидее кьурав БетIергьан Аллагь вукIин лъаларел, гьесие гIибадат гьабуларел руго. Гьаб амру баян гьабун тIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

وَمَآ أَمۡوَٰلُكُمۡ وَلَآ أَوۡلَٰدُكُم بِٱلَّتِي تُقَرِّبُكُمۡ عِندَنَا
زُلۡفَىٰٓ إِلَّا مَنۡ ءَامَنَ وَعَمِلَ صَٰلِحٗا فَأُوْلَٰٓئِكَ
لَهُمۡ جَزَآءُ ٱلضِّعۡفِ بِمَا عَمِلُواْ وَهُمۡ فِي ٱلۡغُرُفَٰتِ
ءَامِنُونَ ٣٧

**37. Гьаб нужер боцIи-малги, лъималги гьечIо жинца нуж Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIагар гьарулеб жолъун. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIагарлъула жинца гьесда иманги лъун гьесул расуласда нахьги вилълъун, лъикIаб гIамал гьабурав муъминчи.**

**Гьал руго гьез гьабураб гIамалалъул ажру-кири жидее Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIемерго цIикIизабулел ва алжаналда жанир, гьеб алжаналъул рукъзабахъ, щибго жоялъул ургъел ва хIинкъи гьечIеллъун рукIулел гIадамал.**

وَٱلَّذِينَ يَسۡعَوۡنَ فِيٓ ءَايَٰتِنَا مُعَٰجِزِينَ أُوْلَٰٓئِكَ
فِي ٱلۡعَذَابِ مُحۡضَرُونَ ٣٨

**38. Дир Къуръаналъул аятал хвезаризе, диналдаса халкъ нахъчIвазе хьвадулел,** жидеда дир гIазаб щвеларин, **гьелдаса жал рорчIилин ракIалде ккун рукIулел гIадамал,- жужахIалъул гIазабалъулъ рукIизе руго** ва малаикзабаца ракIарун гьенир жанире къотIизе руго, гьенисан къватIиб нухги букIизе гьечIо.

قُلۡ إِنَّ رَبِّي يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ مِنۡ
عِبَادِهِۦ وَيَقۡدِرُ لَهُۥۚ وَمَآ أَنفَقۡتُم مِّن شَيۡءٖ
فَهُوَ يُخۡلِفُهُۥۖ وَهُوَ خَيۡرُ ٱلرَّٰزِقِينَ ٣٩

**39. Дуца абе, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, хIакълъунго дир БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарав чиясе ризкъи гIатIид гьабун, хIисаб гьечIого кьола, жиндие бокьарасе ризкъи къваридги гьабула.**

Гьеб ризкъи гIемерлъунин абун нуж гьелъ гуккизе чIоге. Гьеб ризкъи жинца кьурав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щукру гьабизеги кIочонге. **Нужеца гьеб ризкъиялдаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун напакъаде ва садакъаде щиб жо кьуниги, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гьелъул бакIалда гьелдасаги лъикIаб жо кьола.** Яги дунялалдаго гьесие анц1го нухалъ г1емер гьабун, т1ад буссизе гьабун. Яги ахираталда ажро

кири ц1ик1ине гьабун. Х1акълъунго **гьев Аллагь ﷻ вуго жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикІав-абун.**

Цо инсанас цогидасе ризкъи кьола гьелда данде жиндие щиб бугониги мунпагІат щвей хал гьабун. Аллагьас ﷻ ризкъи кьола жинца лъикІлъи гьабулевлъун ва жив щибго жоялда хІажатав гьечІевлъун вукІун.

**40. ТІадегІанав Аллагьас кинабго халкъ тІаде бахъизабулеб гІужги рехсе, МухІаммад ﷺ дуца.**

وَيَوۡمَ يَحۡشُرُهُمۡ جَمِيعٗا ثُمَّ يَقُولُ لِلۡمَلَٰٓئِكَةِ أَهَٰٓؤُلَآءِ إِيَّاكُمۡ كَانُواْ يَعۡبُدُونَ ٤٠

Цересел умматазул ва гьаб дур умматалъулги мушрикалги тІаде рахъизарулеб. **Цинги малаикзабазда гьикъула гьал гІадамалищ ругел жидеца нужее лагълъи гьабулел рукІарал?-абун.** Малаикзаби алагьзабилъун ккурал мушриказда гьабула гьеб хитІаб.

**41. Малаикзабаца абула: СубхІанака – мун вацІцІадав вуго Аллагь ва тІадегІанавги вуго. Гьел гьеч1о ниже вализаби, Мун вуго нижер вали ва ниж руго дур лагъзал.**

قَالُواْ سُبۡحَٰنَكَ أَنتَ وَلِيُّنَا مِن دُونِهِمۖ بَلۡ كَانُواْ يَعۡبُدُونَ ٱلۡجِنَّۖ أَكۡثَرُهُم بِهِم مُّؤۡمِنُونَ ٤١

Нижеда рекъоларо гІадамаз нижее лагълъи гьаби. **Гьез лагълъи гьабулеб букІана щайтІабазе ва гьезул гІемерисеца гьел щайтІабазда букІана иман лъолеб.**

ЩайтІабаца бицараб жоялда нахърилълъун абулеб букІана мушрикаца малаикзаби Аллагьасул ﷻ ясал ругин абун ва гьезие лагълъи гьабулебги букІана.

**42. Жакъа нужер цонигиязда кІоларо цоцазе мунпагІат яги зарал гьабизе. Жидеца купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабурал гІадамазда дица абула: гьанже чІаме нужеца гьаб жужахІалъул гІазаб, дунялалда ругеб мехалъ гьаб гьереси гьабулеб букІин сабаблъун- абун.**

فَٱلۡيَوۡمَ لَا يَمۡلِكُ بَعۡضُكُمۡ لِبَعۡضٖ نَّفۡعٗا وَلَا ضَرّٗا وَنَقُولُ لِلَّذِينَ ظَلَمُواْ ذُوقُواْ عَذَابَ ٱلنَّارِ ٱلَّتِي كُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ٤٢

**43. Гьел мушриказе Дир Къуръаналъул жидер хІукму баянал аятал цІалараб мехалъ, гьез абулеб буго:**
**«Гьав вуго нуж умумуз гьабулеб букІараб диналдаса руссизаризе бокьарав чи.** Гьав чи авараг гьечІо.
**Гьас цІалулеб жоги жинцаго ургъараб**

وَإِذَا تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتُنَا بَيِّنَٰتٖ قَالُواْ مَا هَٰذَآ إِلَّا رَجُلٞ يُرِيدُ أَن يَصُدَّكُمۡ عَمَّا كَانَ يَعۡبُدُ ءَابَآؤُكُمۡ وَقَالُواْ مَا هَٰذَآ إِلَّآ إِفۡكٞ مُّفۡتَرٗىۚ وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لِلۡحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمۡ إِنۡ هَٰذَآ إِلَّا سِحۡرٞ مُّبِينٞ ٤٣

**гьереси бугоян абун. Х1акъаб жо жидехъе бачIараб мехалъ гьелда инкар кколел гIадамаз абулеб буго гьаб Къуръан гьеч1ин жиб баянаб сихIру гурониян абун.**

**44. Дица Маккаялъул мушриказе гьелдаса цебе цоги тIехьги кьун букIинчIо, жидеца гьеб цIалулеб.**

وَمَآ ءَاتَيۡنَٰهُم مِّن كُتُبٖ يَدۡرُسُونَهَاۖ وَمَآ أَرۡسَلۡنَآ إِلَيۡهِمۡ قَبۡلَكَ مِن نَّذِيرٖ ٤٤

**Дудаса цевеккун дица гьезухъе цоги расулги витIун вукIинчIо, гьезие хIинкъи кьолевлъун.** Гьел мушриказ МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ кинха гьереси гьавулев? Щиб жоялда борцунеб гьез гьаб Къуръанги гьав аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьел гьересиял рукIин жидеда лъазе?

**45. Гьездаса цере рукIарал умматацаги гьереси гьаруна жидеда ритIарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ . Гьел цIакъ къуват гуч бугел рукIана, жидер ханлъи ва бечелъиги кIудиял рукIана.**

وَكَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ وَمَا بَلَغُواْ مِعۡشَارَ مَآ ءَاتَيۡنَٰهُمۡ فَكَذَّبُواْ رُسُلِيۖ فَكَيۡفَ كَانَ نَكِيرِ ٤٥

**Маккаялъул мушриказул къуватги бечелъиги бахунаро дозие кьун букIараб жоялъул анцIил бутIаялъулги анцIил бутIаялде. Гьез дир аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна. Дица кинха гьел гьалаг гьарурал!**

Дица гьезул рижин бакъвазабуна, росо-ракьги тIагIизабуна. Гьел къавмал гьалаг гьарурав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кIола гьал Маккаялъул мушрикалги гьалаг гьаризе.

**46. Дуца абе, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, дица нужеда вагIза гьабулеб буго цо жоялдалъун: нуж хIакъаб жо лъазабизе ва гьеб загьир гьабизе Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло тIаде рахьа цо-цо ругониги, кIи-кIи ругониги ва нужеца пикруги гьабе гьав МухIаммад аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ хIакъалъулъ.**

۞قُلۡ إِنَّمَآ أَعِظُكُم بِوَٰحِدَةٍۖ أَن تَقُومُواْ لِلَّهِ مَثۡنَىٰ وَفُرَٰدَىٰ ثُمَّ تَتَفَكَّرُواْۚ مَا بِصَاحِبِكُم مِّن جِنَّةٍۚ إِنۡ هُوَ إِلَّا نَذِيرٞ لَّكُم بَيۡنَ يَدَيۡ عَذَابٖ شَدِيدٖ ٤٦

**Нужеда лъазе буго гьев жундуца ккурав чи гьечIеблъи** ва гьес цIалулеб Къуръанги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букIин. **Гьев авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вуго нужее хIинкъи кьолев чи, гучаб жужахIалъул гIазаб бачIинелде цебе,** нуж кантIеян ва гьеб гIазабалдаса цIунеян абун.

**47. Дуца гьезда абе, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, дица нужедаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул**

قُلۡ مَا سَأَلۡتُكُم مِّنۡ أَجۡرٖ فَهُوَ لَكُمۡۖ إِنۡ أَجۡرِيَ إِلَّا عَلَى ٱللَّهِۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ شَهِيدٞ ٤٧

**ﷻ рисалат щвезабиялда данде. Дие бугеб ажру гьечIо цохIо Аллагьасда ﷻ гурони – гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев.**
Дица бицулеб ва гьабулеб жо лъала гьесда ва нужеца гьабулеб жоги лъала. Щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабула.

قُلْ إِنَّ رَبِّي يَقْذِفُ بِالْحَقِّ عَلَّامُ الْغُيُوبِ ﴿٤٨﴾

**48. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, Дир БетIергьан Аллагь вуго жинца хIакъаб жо загьир гьабулев** ва гьелдалъун батIулаб жо хвезабулев.
**Жинда балъгояб жоги лъалев вуго гьев Аллагь ﷻ.** Инсанасда бихьулареб ва лъалареб жо лъала Аллагьасда ва гьесул хIукмукъадарги жиндилъ пайда бугеб, жиб гIадлояб букIула.

قُلْ جَاءَ الْحَقُّ وَمَا يُبْدِئُ الْبَاطِلُ وَمَا يُعِيدُ ﴿٤٩﴾

**49. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, х1акъаб динул ислам бачIана, гьелъул нурги загьирлъана ва гвангъана.**
**БатIулаб жоги тIубанго тIасан ана, гьеб тIокIаб тIад буссун бачIуларо- абун.**

قُلْ إِن ضَلَلْتُ فَإِنَّمَا أَضِلُّ عَلَىٰ نَفْسِي ۖ وَإِنِ اهْتَدَيْتُ فَبِمَا يُوحِي إِلَيَّ رَبِّي ۚ إِنَّهُ سَمِيعٌ قَرِيبٌ ﴿٥٠﴾

**50. Цогиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, дун къосун ватани хIакълъунго гьеб къосин дирго напсалъул гIайиб буго ва гьелъие бугеб зулму буго.**
**Дун битIараб нухда тIовитIаравлъун ватани гьеб Аллагьасдаса ﷻ бугеб тIоритIел буго ва гьес дида вахIю гьабураб жоялдалъун буго. ХIакълъунго Аллагь ﷻ вуго ахIарасул гьаракь жинда рагIулев ва гьесие жаваб гьабизе гIагардаго вугевги.** КигIанго балъго гьабуниги къосарав ва витIун ккарав чиясул гIамал жинда лъалев вуго.

وَلَوْ تَرَىٰ إِذْ فَزِعُوا فَلَا فَوْتَ وَأُخِذُوا مِن مَّكَانٍ قَرِيبٍ ﴿٥١﴾

**51. Дуда мушриказул хIал бихьизе букIарабани, МухIаммад ﷺ, гьел къиямасеб къоялъ тIаде рахъизаридал ва гьезул хIинкъи бергьун бугеб мехалъ!**
**Гьезие лъутизе ва рортизе бакI букIуларо, Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса рорчIиги букIуларо. Гьел гьеб бакIалдасаго росун жужахIалде жаниреги рехула.**

وَقَالُوا آمَنَّا بِهِ وَأَنَّىٰ لَهُمُ التَّنَاوُشُ مِن مَّكَانٍ بَعِيدٍ ﴿٥٢﴾

52. Гьеб гIазаб жидеда бихьараб мехалъ, Къиямасеб къо букIинги хIакълъараб мехалъ, **Аллагьасда ﷻ инкар ккун рукIарал гIадамаз абула:**
**«Нижеца гьеб Къуръаналда ва гьев аварагасда ﷺ иман**

**лъуна» - абун. Гьезие бокьун буго цIакъ рикIкIадаб бакIалдаса къиямасеб къоялъ т1ад рахъизарураб мехалъ иман лъезе, дунялалдаго ругеб мехалъ иманги лъеч1ого. Ва гьелдалъун жал хвасарлъизе.** Гьеб гьечIо иман лъолеб бакI. Гьеб буго жазаъ гьабулеб бакI.

وَقَدْ كَفَرُوا۟ بِهِۦ مِن قَبْلُ ۖ وَيَقْذِفُونَ بِٱلْغَيْبِ مِن مَّكَانٍۭ بَعِيدٍ ﴿٥٣﴾

**53. ХIакълъунго гьез Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги инкар ккун букIана дунялалда ругеб мехалъ, ахираталъул амруялъулъ гьересияб, жидеда лъалареб жоги бицулеб букIана, гьеб ахираталдаса жал цIакъго рикIкIадги рук1ун.** Ахират букIизе гьечIин, хIисаб-мизан ва алжан-жужахI букIизе гьечIин абулеб букIана гьез.

وَحِيلَ بَيْنَهُمْ وَبَيْنَ مَا يَشْتَهُونَ كَمَا فُعِلَ بِأَشْيَاعِهِم مِّن قَبْلُ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ فِى شَكٍّ مُّرِيبٍۭ ﴿٥٤﴾

**54. Гьанже гьез жинда хьул гьабулеб алжаналдаги гьездаги гьоркьоб пардав гьабуна ва гьелдаса жал рикIкIад гьаруна. Гьедин алжаналдаса рикIкIад гьаруна цересел умматазул жидеца ахиратадде инкар ккурал гIадамалги. ХIакълъунго Гьел киналго рукIана ахираталъул амруялъулъ цIакъ жал щакдарулел, гьелда божуларел.**

Ахираталде щвараб мехалъ пашманлъиялъ мунпагIат гьабуларо. Гьениб инсанасе гьаб дунялалда жинца гьабураб гIамал гуреб жоги батуларо. Гьеб ахираталъул БетIергьан Аллагь ﷻ вуго гьаб дунялалъул БетIергьанги. Гьедин бугелъул инсан кантIизе рекъараб буго жив Аллагьас ﷻ гIададаго вижун гьечIеблъиялда, жинда тIад къараб амру-нагью букIиналдаги. Гьеб амру-нагью тIубаялда рекъараб жазаъ ахираталда жиндие гьабизе букIиналдаги. Аллагьги ﷻ гьечIо, ахиратги гьечIо абун чIарал инкарчагIи кантIизаризе нилъеда кIоларо Аллагьасе ﷻ бокьун гурони. Амма жив Аллагьасдаги ﷻ, ахираталдаги божулев чи гъапулго вукIин, жинда тIад къараб амру-нагью тIубачIого вукIин цIакъ ахIмакъаб иш буго.
Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги жив разияб гIамал гьабизе.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун сурату Сабаалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 35. Сурату ФáтIир

سُورَةُ فَاطِرٍ

*Маккаялда рещтIизабураб, жинда жаниб кIикъоялда щуго аят бугеб.*

*Гьаб сурат рещтIизабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас. гьижра гьабилелде дагьабго цебе. Гьаб сураталда жанибги Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо гьави, аварагзаби* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *ритIухъ гьари бицун буго. Къиямасеб къоялъ хварал тIаде рахъинаризе рукIин, хIисаб-мизан, алжан-жужахI букIинги баян гьабун буго.*

*Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *хIалкIолъиялде тIоритIел гьарулел гIаламатал рицунаго зобал-ракьал рижин, малаикзаби, гIадамал ва жундул рижиги бицунеб буго. ТIадегIанав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *зобалазул рахIматлъун бугеб цIад рещтIизаби, гьелдалъун ах-хур бижиги баян гьабулеб буго. Сордо-къо цоялъ цояб хиси бицун, инсанасул вижи баян гьабун, Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIаламатал баян гьарун руго.*

*Муъминчиги капурчиги цоцаздаса кигIан батIияв вугев бицун, гьелъие мисалал рачулел руго. Гьаб исламияб умматалъ ирсалъе босараб зобалазул дин бищунго хирияб дин букIин, гьаб Къуръанги бищунго хирияб тIехь букIин бицун буго. Мушриказ хъанчазе лагълъи гьаби бицун ва гьезул хIал бицун лъугIизабун буго гьаб сурат.*

*Гьалда цIар лъуна сурату фатIир абун. Гьелъул магIна буго «Жинца бижулев», «Мисал-сурат цебе гьечIечIого тIоцебе жо бижулев» абураб. Гьаб сураталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас махлукъат бижиялъул гIажаибаб хабар бицун букIиналъ лъуна гьалда гьаб цIар.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго: щибго мисал-сурат цебе гьечIого зобал ва ракь бижарав. Жинца малаикзабиги гьарурав жиндир аварагзабазда** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рит1улел чапарзабилъун:**

ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ جَاعِلِ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا أُوْلِيٓ أَجۡنِحَةٖ مَّثۡنَىٰ وَثُلَٰثَ وَرُبَٰعَۚ يَزِيدُ فِي ٱلۡخَلۡقِ مَا يَشَآءُۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ١

**Жидее кIи-кIи, лъаб-лъаб, ункъ-ункъ куркьбиги ругел гьел малаикзаби. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир халкъалъулъ бокьараб сипат цIикIизабула:** ЦохIо гьаналдаса рижарал инсанасул лугби цоял

жидеда бихьулел гьарун, цоял жидеда рагIулел гьарун, цоял жидеда махI лъалел гьарун. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев,** жиндие бокьараб иш гьабизе гьев щибго жоялъ нахъчIваларо.

مَّا يَفْتَحِ ٱللَّهُ لِلنَّاسِ مِن رَّحْمَةٍ فَلَا مُمْسِكَ لَهَا ۖ وَمَا يُمْسِكْ فَلَا مُرْسِلَ لَهُۥ مِنۢ بَعْدِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٢﴾

2. **ТIадегIанав Аллагьас лагъзадерие рахIмат ва ризкъи рагьараб мехалъ, гьеб кквезе ва гьукъизе кIолев щивго чи вукIуларо. Аллагьас ﷻ жиндир рахIмат ккураб мехалъ ва гьеб гIадамазе къварид гьабураб мехалъ гьеб кьезе кIолев чиги вукIуларо. Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндир къуват-гуч бергьарав жиндир тадбир хIакимияв.** Аллагьас ﷻ хIукму гьабураб иш жиндилъ пайда ва маслихIат бугеб букIула.

Аллагьас ﷻ нигIматал гIатIид гьабураб мехалъ гьелда щукру гьабизе тIадаб буго лагъасда. Аллагьас ﷻ нигIмат ва ризкъи къварид гьабураб мехалъ, гьелда сабру гьабизеги тIадаб буго. Ризкъи гIатIидго кьураб мехалъ, гьелдалъун гIибадат гьабиялдаса машгъул гьавугеян гьаризе ккола Аллагьасда ﷻ. Ризкъи къварид гьабураб мехалъ Аллагьасул ﷻ ццим бахъун батугеги абун хIинкъизе ккола ва тавбуги истигъфарги гIемер гьабизе ккола.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ ۚ هَلْ مِنْ خَٰلِقٍ غَيْرُ ٱللَّهِ يَرْزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ ۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٣﴾

3. **Я гьал гIадамал! Нужеца ракIалде щвезаре Аллагьас ﷻ нужее кьурал нигIматал.** Ва гьезда данде Аллагьасе ﷻ щукруги гьабе. Аллагьасул ﷻ нигIматал рехсей ва гьел ракIалде щвеялдаса мурад буго гьел нигIматал кьурав Аллагь ﷻ ракIалде щвей ва гьесие рецц гьаби.

НигIматазда инкар ккунгутIиги буго, гьел Аллагь ﷻ разияб нухалда харж гьари ва гьел нигIматазул БетIергьанасе мутIигIлъиги.

**Нуж рижарав, гьаб кинабго махлукъатги жинца бижарав, жив цогояв Аллагь ﷻ гурев цоги халикъ вугищха жинца нужее зобалаздасаги ракьалдасаги ризкъи кьолев.** ГьечIо цоги Халикъ ва Разикъ, **гьев Аллагь ﷻ гурев жиндие лагълъи гьабизе тIадав цоги щибниги жоги гьечIо. Гьаб кинабго иш баянлъун хадубги Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабичIого хъанчазе лагълъи гьабиялда кин руссунел?**

ТIадегIанав Аллагь жинца кинабго жо бижулев вукIин лъараб мехалъ, кинабго жоялъе ризкъи кьолев, гьел хьихьулев ва гьезул тадбир гьабулевги гьев Аллагь ﷻ вукIин лъараб мехалъ, инсанасда тIадаб

буго гьев Аллагь ﷻ жиндие гIибадат гьабизе хIакъав ва тIадав БетIергьан вукIинги лъазе ва Аллагьасе ﷻ гIибадат бацIцIад гьабизе, гьесдехун щибго жо гIахьал гьабичIого букIизеги.

**4. Маккаялъул мушриказ мун гьереси гьавунин абун дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад ﷺ. дуда цере рукIарал аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьареси гьаруна гьезул къавмалъ.**

وَإِن يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ ۚ وَإِلَى ٱللَّهِ تُرْجَعُ ٱلْأُمُورُ ﴿٤﴾

**Киналго гIадамазул ва киналго умуразул ахирияб руссин тIадегIанав Аллагьасде буго.** Дуца сабру гьабе Аллагьасул ﷻ квербакъи бачIинегIан. Гьеб квербакъи бачIинги хIакъаб буго.

**5. Я гьал гIадамал! ХIакълъунго** Къиямасеб къо букIинги, хIисаб-мизан ва жазаъ букIинги **Аллагьасул ﷻ хIакъаб къотIи буго.**

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ ۖ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا ۖ وَلَا يَغُرَّنَّكُم بِٱللَّهِ ٱلْغَرُورُ ﴿٥﴾

Гьеб жазаъ гьабулеб къоялъ цониги чи хутIизе гьечIо жиндир гIамалалда релълъараб жазаъ гьабичIого. Гьаб амру гьадин бугелъул **нуж гуккизе рукIунге дунялалъул берцинлъиялъе ва чIаголъиялъе.** Гьеб даимаб жо гьечIо, гьеб хехго тIаса унеб, жиндаса чIухIизе бегьулареб, жинда божун рукIизе бегьулареб жо буго.

**Гьединго нуж гуккизе чIоге Аллагьасул ﷻ гурхIел-цIобалда божун, гьесул нигIматал гIемерлъиялда божун.** Аллагьас ﷻ нигIматалги, сахлъиги, рахIатги капурчиясеги кьола. Гьел нигIматал дуе кьунин абун дудаса Аллагь ﷻ разилъун вугин абун ракIалде ккоге. Гьеб буго щайтIаналъ инсан гуккулеб бакI. Аллагь ﷻ гурхIулев вуго, Аллагь ﷻ тIаса лъугьулев вугоян абун щайтIаналъ инсан Аллагьасде гIасилъиялда жанив чIезавула, гьесул хьулги халат гьабула.

**6. ХIакълъунго щайтIан буго жиндир нужедехун тущманлъи бугеб, нужее зарал гьабизе кидаго жиб ургъулеб. Нужеца гьеб щайтIанги нужер тущманлъун кквe!**

إِنَّ ٱلشَّيْطَـٰنَ لَكُمْ عَدُوٌّ فَٱتَّخِذُوهُ عَدُوًّا ۚ إِنَّمَا يَدْعُوا۟ حِزْبَهُۥ لِيَكُونُوا۟ مِنْ أَصْحَـٰبِ ٱلسَّعِيرِ ﴿٦﴾

Нуж гьелда божуге, гьелъие мутIигIлъуге. Нуж кидаго цIодорго рукIа гьеб щайтIаналъул макруялдаса.

**ХIакълъунго гьеб щайтIаналъ жинда нахърилълъарал боял ахIула жужахIалъул бетIергьабилъун рукIулеб гIамал гьабиялде.** Гьеб щайтIан абадияб жужахIалда букIизе бугин жиндие Аллагьас ﷻ къотIи гьабураб бугелъул, гьелъул мурад букIула гIадамал къосизари

ва гьелги жиндие букIулеб гIазабалъулъ гIахьал гьари.

Цо гIалимчияс абуна: «ГIажаибаб жо гьечIищха жиндие кидаго лъикIлъи гьабулев Аллагьасда ﷻ инсан гIасилъи ва жиндир хIакъаб тущманлъун бугеб щайтIаналъе гьев мутIигIлъиги»-абун.

ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَهُمۡ عَذَابٞ شَدِيدٞۖ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُم مَّغۡفِرَةٞ وَأَجۡرٞ كَبِيرٌ ٧

**7. Аллагьасда ﷻ ва ахираталда инкар ккурал гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIизе буго. Жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазе Аллагьасул ﷻ рахъалъан мунагьал рахчи ва хирияб алжан букIизе буго.** Гьеб кIиго рукъ гурони ахираталда гьечIо. гьаб кIиябго рукъалъул цояб рукъов лъугьинчIого инсанасе ресги гьечIо. Гьеб амру бичIчIинчIого ахIмакълъиялда хьвадиги инсанасда рекъараб гьечIо.

أَفَمَن زُيِّنَ لَهُۥ سُوٓءُ عَمَلِهِۦ فَرَءَاهُ حَسَنٗاۖ فَإِنَّ ٱللَّهَ يُضِلُّ مَن يَشَآءُ وَيَهۡدِي مَن يَشَآءُۖ فَلَا تَذۡهَبۡ نَفۡسُكَ عَلَيۡهِمۡ حَسَرَٰتٍۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمُۢ بِمَا يَصۡنَعُونَ ٨

**8. ЩайтIаналъ жиндир квешал гIамалал берцин рихьизарун, гьелъ гуккун хьвадарав чиги,** квешал гIамалал гьаричIого, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун хьвадарав чиги **ващад вукIинищха? Аллагьас жиндие бокьарав чи битIараб нухдаса къосизавула:** гьев жинца тIаса бищараб къосиналъулъ тола. **Жиндие бокьарав чи битIараб нухдаги тIовитIула:** гьесие квербакъи гьабула жинца тIаса бищараб битIараб нухда хьвадизе. **Гьел мушриказ иман лъечIогойин абун ракI къварид гьабун, дур напс пашманлъуге абе, МухIаммад ﷺ. ХIакълъунго Аллагь вуго гьез гьабулеб гIамал жинда лъик1 лъалев** ва гьезие ахираталда гIазабги гьабулев.

وَٱللَّهُ ٱلَّذِيٓ أَرۡسَلَ ٱلرِّيَٰحَ فَتُثِيرُ سَحَابٗا فَسُقۡنَٰهُ إِلَىٰ بَلَدٖ مَّيِّتٖ فَأَحۡيَيۡنَا بِهِ ٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ مَوۡتِهَاۚ كَذَٰلِكَ ٱلنُّشُورُ ٩

**9. Гьев Аллагь ﷻ вуго** жиндие гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, **жинца накIкIал цоцаде данде рачизе гьурал ритIулев. Цинги гьел накIкIаздаса, ракьалде тIад берцинаб цIадги базабулев.**

**Дица гьеб ракьги чIаго гьабула–жиб бакъвараблъун ва хвараблъун букIараб. Гьаб цIад баялдалъун ракь чIаго гьабулеб гIадин Аллагьас ﷻ хварал гIадамалги тIаде рахъизарула.** ТIадегIанав Аллагьасе гьабизе кIолареб жо букIуларо гьесие жиб гьабизе бокьараб мехалъ.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго:

Абу Рузайнил Г1укъайли абулев асхIабас Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «*Я расулуллагьи! Аллагьас* ﷻ *хварал гIадамал кин чIаго гьарулел? Гьел чIаго гьариялде тIоритIел гьабулеб гIаламат щиб бугеб Аллагьасул* ﷻ *махлукъаталда жаниб?» - абун. Аварагас* ﷺ *абуна: «Мун цониги нухалъ инчIищ жиб бакъвараб, жинда тIад щибго хур-херги гьечIеб ракьалда тIасан? Цинги гьебго ракь дуда бихьичIищ жиб харил цIун гьелчолеблъун?» - абун. Дица абуна: «Гьеб жо дида бихьана, я расулуллагьи!» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьедин чIаго гьарула Аллагьас* ﷻ *хварал гIадамалги»* – абун.

مَن كَانَ يُرِيدُ ٱلْعِزَّةَ فَلِلَّهِ ٱلْعِزَّةُ جَمِيعًا ۚ إِلَيْهِ يَصْعَدُ ٱلْكَلِمُ ٱلطَّيِّبُ وَٱلْعَمَلُ ٱلصَّٰلِحُ يَرْفَعُهُۥ ۚ وَٱلَّذِينَ يَمْكُرُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ۖ وَمَكْرُ أُو۟لَٰٓئِكَ هُوَ يَبُورُ ﴿١٠﴾

**10. Жиндие кIодолъи ва хиралъи бокьун щив чи вугониги, гьев чиясда лъай кинабго кIодолъи ва хиралъи цохIо Аллагьасе ﷻ бук1ин.** Гьев Аллагьас ﷻ кьурав чиясе гурони кIодолъи ва хиралъи букIуларо.

Жиндие кIодолъи ва хиралъи къваригIарав чи тIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъизе ккола. Жинда мутIигIлъарав, жив разилъи тIалаб гьабурав чиясе кьола Аллагьас ﷻ дунялалъулги ахираталъулги кIодолъи ва бахьибуголъи.

**Гьев Аллагьасде ﷻ бахула кинабго лъикIаб рагIи ва гIамал:** Аллагь ﷻ рехсей, гьесда дугIа гьаби, Къуръан цIали, тасбихI гьаби, Аллагьасе ﷻ щукру ва рецц гьаби. **Инсанас гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас ﷻ жиндихъе борхун къабул гьабула.**

Гьеб рагIиялъул магIна буго тIадегIанав Аллагьас цохIо лъикIаб рагIи абиялда данде лъикIаб жазаъ гьабуларо. Аллагьас ﷻ къабул гьабула лъикIаб рагIиги гьелда рекъараб гIамалги кIиябго цадахъ бугеб мехалъ.

Къатадатица абуна Аллагьас ﷻ г1амал цадахъ гьеч1еб раг1и къабул гьабуларин абун. ИбнухатIибица абуна лъикIаб гIамалалъ гьеб гIамал гьабурав чиясул даража-макъам тIадегIан гьабула ва гьеб Аллагьас ﷻ къабул гьабулеб бакIалде щвезабула-абун.

**Жидеца макру гьабулел ва квешал гIамалал гьаризе хIиллаял нухал цIехолел гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIизе буго. Гьел гIадамаца гьабулеб макру ва хIилла гIадада хвезе буго ва гьелги гIодорегIан гьаризе руго.** Гьаб рагIи буго Къурайшиязул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе зарал гьабизе батIи-батIиял хIиллаби ва макраби ургъулел рукIин баян гьабун, гьезул хIиллаялъ аварагасе ﷺ зарал гьабизе гьечIеблъи, Аллагьас ﷻ жиндир

аварағ цIунизе вукIин баян гьабун абураб рагIи.

وَٱللَّهُ خَلَقَكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ مِن نُّطْفَةٍ ثُمَّ جَعَلَكُمْ أَزْوَٰجًا ۚ وَمَا تَحْمِلُ مِنْ أُنثَىٰ وَلَا تَضَعُ إِلَّا بِعِلْمِهِۦ ۚ وَمَا يُعَمَّرُ مِن مُّعَمَّرٍ وَلَا يُنقَصُ مِنْ عُمُرِهِۦٓ إِلَّا فِى كِتَٰبٍ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ﴿١١﴾

11. **ТIадегIанав Аллагьас нуж рижана ракьалдаса:** нужер кIудияв эмен Адам ракьалдаса вижиналдалъун. **Цинги хадусеб нужер рижин гьабуна манидал къатIраялдаса:** Бихьиназул ва руччабазул мани цоцалъ жубаялдалъун. **Цинги нуж гьаруна бихьиналлъун ва руччабилъун:** нуж цоцалъ рекъезе, цоцазе рокьун цадахъ рукIизе, нужеца лъимал гьаризе ва наслу-тухум нахъе хутIизе.

**Цониги къинаб жо къинаб лъугьуларо ва гьеб къинаб жоялъ тIинчIги гьабуларо ТIадегIанав Аллагьасда лъан гурони** ва гьесул хIукму-къадар букIун гурони. **Цониги чияс гIемерал сонал раларо дунялалъул рукъов жив чIаго хутIун, цогидав чи хеккоги холаро, гьебги Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **аскIоб бугеб ЛавхIул-махIфузалда хъвараб хIукму букIун гурони. ХIакълъунго гьаб кинабго жо** азалияб хIукмуялъулъ къадар гьабиги хадуб дунялалда загьир гьабиги **ТIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго.**

وَمَا يَسْتَوِى ٱلْبَحْرَانِ هَٰذَا عَذْبٌ فُرَاتٌ سَآئِغٌ شَرَابُهُۥ وَهَٰذَا مِلْحٌ أُجَاجٌ ۖ وَمِن كُلٍّ تَأْكُلُونَ لَحْمًا طَرِيًّا وَتَسْتَخْرِجُونَ حِلْيَةً تَلْبَسُونَهَا ۖ وَتَرَى ٱلْفُلْكَ فِيهِ مَوَاخِرَ لِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٢﴾

12. **КIиго батIияб ралъдал лъим цоцазда бащадаб букIуларо** жиндаса мунпагIат босиялъул рахъалъан: **гьаб цо лъим жиб гьекъезе бегьулеб, жиндир тIагIам лъикIаб ва бигьаго гьекъон унеб. Гьаб цояб лъим жиб цIамхIалаб, жиндир цIамхIаллъи гIемерлъиялъ кьогIлъараб. Гьеб кIиябго ралъадалдаса къватIибе гIатIгояб гьан бахъула: ччугIа ккола ва гьеб нужеца кванала. Нужеда тIад ретIулеб курхьин-кIиликI гьабизе луълуал, маржанал ва жавгьаралги рахъула.**

**Гьеб ралъадалда тIад хьвадулел кIудиял гумиги рихьула дуда. Гьел гумузда тIад рекIун рикIкIадаб сапаралде ун нужеца даран-базар гьабизе ва нужее ризкъи тIалаб гьабизе.** Гьаб кинабго жо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее бижун буго ва квегъун буго, **нужеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нигIматазде данде щукру гьабизе ва гьесие гIибадат гьабун гьев рази гьавизе.**

Ибнукасирица абуна: гьаб кIиго батIияб ралъдал лъималъул мисал ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазе ва капурзабазе бачараб мисал бугин абун. Гьаб аяталдалъун мурадги буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда

тIоритIел гьабулеб далил бицин. Цогиги жиндир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб далил бицун тIадегIанав Аллагьас абуна:

يُولِجُ ٱلَّيۡلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَيُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيۡلِ وَسَخَّرَ ٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَ كُلّٞ يَجۡرِي لِأَجَلٖ مُّسَمّٗىۚ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمۡ لَهُ ٱلۡمُلۡكُۚ وَٱلَّذِينَ تَدۡعُونَ مِن دُونِهِۦ مَا يَمۡلِكُونَ مِن قِطۡمِيرٍ ١٣

**13. Жинца сордо къоялде жанибе лъугьизебулев вуго ТIадегIанав Аллагь** риидал къо кIудияб гьабун, сордо гьитIин гьабун гьабулев. **Гьединго жинца къо сордоялде жанибе лъугьизабулевги вуго.** Хасало къо гьитIин гьабун, сордо кIодо гьабун. **Жинца бакъги моцIги жиндир амруялдалъун квегъаравги вуго. Гьеб кIиябго хьвадулеб буго жидее бихьизабураб заман щвезегIан,** жиб кIиялъулго нухдаса къосинчIого, жидер хехлъи хисичIого, къиямасеб къо щвезегIан хьвадулел руго бакъги моцIги.

Инсанас жидедаса мунпагIат босизе квегъаралги руго бакъги моцIги: бакъул хинлъиялдаса гIемер мунпагIат босула инсанас. МоцIрол канлъиялдаса мунпагIат босулеб заманги букIула: сапаралда ва гIалахалда ругеб мехалъ. Гьеб бакъги моцIги хьвадулеб букIин жагьилияб заманаялъ хIисаб гьабулеб букIана дунял цо бакIалда чIун бугин ва гьеб кIиябго баккун ва тIерхьун хьвадулеб бугин. Инсанасул гIелму цебетIураб мехалъ гьеб хьвадиялъул магIна батIияб хIалалъ букIин баянлъана.

Гьаб Къуръан цIакъ кIудияб хIикмат жинда жаниб бугеб тIадегIанав Аллагьасул калам букIин тасдикъ гьабулел гIемерал гIаламатал руго гьаб дунялалда тIад. Гьел гIаламатал муъминзабазда гурони рихьуларо. Гьаб бакъ-моцI хьвадиялъул масъала тIадегIанав Аллагьас Къуръан рещтIизабулеб заманаялъ рукIарал жагьилзабазда бичIчIулеб хIалалъ бицана. хадуб гIелмуялъул цебетIей лъугьараб мехалъ гьеб гIелмуялъги Къуръаналъул хIукму тасдикъ гьабуна гIелмуялда рекъараб нухалдалъун.

**Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго нужер БетIергьан:** жинца нуж рижарав ва нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав. **Гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **буго кинабго жоялъул ханлъи ва бетIергьанлъи. Гьев Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун мушриказ жидее лагълъи гьабулел аллагьзаби, гагаялда тIад букIунеб тIеренаб хъал гIадаб жоцин жидер ханлъиялда гьечIел руго.**

إِن تَدۡعُوهُمۡ لَا يَسۡمَعُواْ دُعَآءَكُمۡ وَلَوۡ سَمِعُواْ مَا ٱسۡتَجَابُواْ لَكُمۡۖ وَيَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ يَكۡفُرُونَ

**14. Нужеца ахIани гьезда нужер гьаракьги рагIуларо, гьеб гьаракь рагIулеб букIарабаниги гьезда**

بِشِرۡكِكُمۡۚ وَلَا يُنَبِّئُكَ مِثۡلُ خَبِيرٖ ١٤

**кIолароан нужее жаваб гьабизе.**
Гьел рухI гьечIел ганчIазул, цIулалъул ва цогидаб жоялъул гьарурал хъанчал ругелъул. **Къиямасеб къоялъ гьез инкарги ккола нужеца жидее гIибадат гьабичIин абун.** ТIадегIанав Аллагьас гьел рухI гьечIел хъанчалги кIалъазарула къиямасеб къоялъ, гIадамазул хIисаб-мизан камилго гьабизе, гьезул хIужа къотIизабизе. Гьедин кIалъазарураб мехалъ хъанчацаги абула нижеца гьал г1адамазда амру гьабичIин нижее гIибадат гьабеян абун.

**Кинабго жоялъул авалги ахирги лъалев, загьирги батIинги лъалев Аллагьас ﷻ бицулелдаса лъикI дуе хIакъаб жо бицуларо, МухIаммад ﷺ, цоги щивниги чияс.**

۞ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ أَنتُمُ ٱلۡفُقَرَآءُ إِلَى ٱللَّهِۖ وَٱللَّهُ هُوَ ٱلۡغَنِيُّ ٱلۡحَمِيدُ ١٥

**15. Я гьал гIадамал! Нуж киналго Аллагьасда ﷻ хIажатал руго.** Нужее рес гьечIо гьев Аллагьасде ﷻ кIанцIичIого ва гьесда гьаричIого.

Гьев Аллагьас ﷻ кьун гурони нужее гIумруги гьечIо, сахлъиги гьечIо, ризкъиги гьечIо. **ТIадегIанав Аллагь вуго жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго рахъалъан жиндие рецц гьабизе рекъарав хан.**

إِن يَشَأۡ يُذۡهِبۡكُمۡ وَيَأۡتِ بِخَلۡقٖ جَدِيدٖ ١٦

**16. Аллагьасе ﷻ бокьани гьес нуж киналго цо лахIзаталда жанир гьаб дунялалдаса тIагIизарила ва нужер бакIалда цоги халкъ бижила.**

وَمَا ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ بِعَزِيزٖ ١٧

**17. Гьедин нужги гьалаг гьарун цоги халкъ бижи Аллагьасе ﷻ щибго захIматаб иш гьечIо.**

Гьесие бокьараб жо «Кун» абураб рагIи абиялдалъун лъугьула.

وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٞ وِزۡرَ أُخۡرَىٰۚ وَإِن تَدۡعُ مُثۡقَلَةٌ إِلَىٰ حِمۡلِهَا لَا يُحۡمَلۡ مِنۡهُ شَيۡءٞ وَلَوۡ كَانَ ذَا قُرۡبَىٰٓۗ إِنَّمَا تُنذِرُ ٱلَّذِينَ يَخۡشَوۡنَ رَبَّهُم بِٱلۡغَيۡبِ وَأَقَامُواْ ٱلصَّلَوٰةَۚ وَمَن تَزَكَّىٰ فَإِنَّمَا يَتَزَكَّىٰ لِنَفۡسِهِۦۚ وَإِلَى ٱللَّهِ ٱلۡمَصِيرُ ١٨

**18. Цониги жинца мунагь гьабураб напсалда цогидаб напсалъул мунагь баччизабуларо. Жиндир мунагьазул бакIлъи цIик1кIараб цо напсалъ жиндие кумек гьабун мунагьал тIаса росеян цоги напсалда гьарани, гьелъ кумек гьабуларо** ва гьеб напсалдаса мунагьазул бакIлъи тIаса босуларо, **гьев жинда ахIи барав чи гIагарав вугониги, гьудул-гьалмагъ вугониги.**

**Х1акълъунго дуца гьаб Къуръаналдалъун хIинкъи кьола, МухIаммад ﷺ, жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъун гьесул**

**гIазабалдаса хIинкъулел, гъаибаб жоялдаги божулел муъминзабазе, жидеца паризаяб какги рукугI-сужда тIубан балел. Жинца напс мунагьазул чороклъиялдаса бацIцIад гьабурав чи жиндиего лъикIлъи ва рацIцIалъи гьабулев чи вуго. Кинабго халкъалъул руссин ахираталда тIадегIанав Аллагьасде буго.** Ва щивав чиясе гьесул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

وَمَا يَسْتَوِي ٱلْأَعْمَىٰ وَٱلْبَصِيرُ ﴿١٩﴾

**19. Жинда канлъи бихьулев муъминчиги, жинда щибго жо бихьуларев капурчиги кIиявго къадру бащадав вукIуларо.**

وَلَا ٱلظُّلُمَٰتُ وَلَا ٱلنُّورُ ﴿٢٠﴾

**20. Купру-ширкалъул, жагьиллъиялъул бецIлъабиги иман-исламалъул нурги кIиябго къимат бащадаб букIуларо.**

وَلَا ٱلظِّلُّ وَلَا ٱلْحَرُورُ ﴿٢١﴾

**21. РагIадалда рельлъараб батIулаб жоги, бакъул бухIиялда рельлъараб хIакъаб жоги жиб кIиябго бащалъуларо.**

**Къосинги тIоритIелги цоцада бащалъуларо.** Алжанги жужахIги цоцаде бащалъуларо. Кириги гIакъубаги цоцада бащалъуларо.

وَمَا يَسْتَوِي ٱلْأَحْيَآءُ وَلَا ٱلْأَمْوَٰتُ إِنَّ ٱللَّهَ يُسْمِعُ مَن يَشَآءُ وَمَآ أَنتَ بِمُسْمِعٍ مَّن فِي ٱلْقُبُورِ ﴿٢٢﴾

**22. Хварал чагIазда рельлъарал купру-ширкалда чIарал гIадамалги жал чIагоял лъун ругел, жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъурал гIадамалги бащалъуларо,** жидер гIакълу-гIелму камилал гIадамалги жагьилал гIадамалги ращалъуларо.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда кIола жиндие бокьарав чиясда иман-исламалда гьев ахIулеб дагIват рагIизабизе ва гьесда жаваб кьезабизеги. Дуда кIоларо, МухIаммад, хун хабалъ лъун ругел гIадамазда рельлъарал капурзабазда исламияб дагIват рагIизабизе.** Жидер ракIал беццал рукIиналъ, гIундулги гIинкъал рукIиналъ, гьел рельлъинаруна хобалда жанир лъурал гIадамазда.

إِنْ أَنتَ إِلَّا نَذِيرٌ ﴿٢٣﴾

**23. Мун гьечIо, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьел капурзабазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев чи гурони.**

Дуда тIадаб гьечIо гьезда иман лъезабизе.

إِنَّآ أَرْسَلْنَٰكَ بِٱلْحَقِّ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَإِن مِّنْ أُمَّةٍ إِلَّا خَلَا فِيهَا نَذِيرٌ ﴿٢٤﴾

**24. ХIакълъунго Дица мун гьеб умматалда расуллъун витIун вуго, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, хIакъаб хIужагун:** Къуръанги босун гьеб уммат хIакъаб

динaлде ахIизе.

**Дуе мутIигIлъун иман-исламалде рачIарал гIадамазда алжаналдалъун рохел бицизе. Мун гьереси гьавун иман лъезе чIухIун чIарал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе. Цересел умматазул цониги уммат гьечIо жидеда авараг витIич1ел,** гьезие х1инкъиги кьеч1ел.

وَإِن يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ وَبِٱلزُّبُرِ وَبِٱلْكِتَٰبِ ٱلْمُنِيرِ ﴿٢٥﴾

**25. Гьаб дур умматалъ мун гьереси гьавуни** гьелда мун гIажаиблъуге ва дуе гьеб захIмалъуге. **Гьездаса цере рукIарал умматазги гьереси гьаруна жидехъе ритIарал аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **.**
**Гьезухъ аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **рачIун рукIана баянал мугIжизаталгун, зодиса рещтIизарурал жал баянал гвангъарал тIахьалгун ва забуралгун.** Забурал абураб рагIи буго дагьал тIанчал (кагътал) абураб магIнаялда бугеб рагIи. ТIахьал руго жал машгьурал Таврат, Забур, Инжил, Къуръан гIадал тIахьал.

ثُمَّ أَخَذْتُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۖ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ﴿٢٦﴾

**26. Цинги Дица гьел умматазул капурзаби гучаб гIазабалдалъун гьалаг гьаруна. Кинабха букIараб дица гьезда гьабураб инкар!**
Гьез дида инкар гьабидал дица гьездаги инкар гьабуна: гьезие нигIматазул бакIалда балагьал кьуна. Гьедин гьабизе кIола дида МухIаммадида ﷺ иман лъезе чIухIарал гIадамазеги.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجْنَا بِهِۦ ثَمَرَٰتٍ مُّخْتَلِفًا أَلْوَٰنُهَا ۚ وَمِنَ ٱلْجِبَالِ جُدَدٌۢ بِيضٌ وَحُمْرٌ مُّخْتَلِفٌ أَلْوَٰنُهَا وَغَرَابِيبُ سُودٌ ﴿٢٧﴾

**27. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вукIин жинца зодисан цIад рещтIизабулев. Гьеб цIадалдалъун Дица ракьалда пихъ бижизабула, жиндир тIагIам ва кьер батIи-батIияб. Дица мугIрулги рижана жидеда жанир нухал ругел ва гьел нухазул кьерги батIи-батIияб бугел: хъахIал нухал ругел ва багIарал нухал ругел.** ГамачI-ракьалъул кьер батIи-батIияб букIиналдалъун гьел нухазул кьерги батIи-батIияб букIула. **Гьединго цIакъго чIегIерал къвакIарал кьурабиги рижана дица.**

وَمِنَ ٱلنَّاسِ وَٱلدَّوَآبِّ وَٱلْأَنْعَٰمِ مُخْتَلِفٌ أَلْوَٰنُهُۥ كَذَٰلِكَ ۗ إِنَّمَا يَخْشَى ٱللَّهَ مِنْ عِبَادِهِ ٱلْعُلَمَٰٓؤُا۟ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ غَفُورٌ ﴿٢٨﴾

**28. Гьединго дица гIадамал ва хIайванал рижана жидер кьер ва сипат-сурат батIи-батIиял. ХIакълъунго Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъулел**

**гIадамазул бищун цIикIун хIинкъулел гIалимзаби рукIула. Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир гуч бергьарав ва жинца мунагьал рахчулев.**

Гьал аятазда жаниб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIемерал ва гIажаибал гIаламатал рицун ругелъул, гьезул пикру гьабун гурони гьез Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ къудраталда тIоритIел гьабиги лъаларелъул, гьал аятазул ахиралда абуна: «Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъулел гIадамазул бищунго хIинкъулел гIалимзаби руго» - абун. Гьел гIалимзабаз гьабула Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъаталъул пикру, гьез Къуръан-хIадисалдаса босула гIелму ва гIакълу.

Гьеб гIелму буго инсанас тIалаб гьабизе кколеб жоялъул ахираб хIасил ва гьесул ахираб мурад. ГIелмуялдалъун гурони инсанасда жиндирго БетIергьан Аллагь лъаларо. Гьеб гIелмуялъ инсанасда гьев гIазабалдаса хвасар гьавулеб нух бихьизабула, гьесул рекIелъан щаклъи ва вас-вас инзабула. Жагьилияб рахъкквей т1аса инзабула. Гьеб буго бат1улаб жоялъулги рахъ кквей жиндир напсалъул ва кьибил тухумалъул мурад ц1унун.

Гьединго жиндие х1акъикъат лъалареб жоялда нахъвилълъин, умумузул дин гьаби абураб, напсалъе заралияб сипат тIаса инзабула. ГIелмуялъ инсан вачула хIакъикъияб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъаялде ва гьесул Къуръаналдаги хирияв расуласул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталдаги нахъвилълъиялде. Гьедин инсан вачулареб гIелму, гIелму букIуларо, гьеб жагьиллъи букIула, гьеб щайтIаналъ ва напсалъ гукки букIула.

ГIелму гьечIого дунялалъул ахIвалал ритIун ккезаризе кIоларо, ахираталда витIун кколеб хIалалъ хьвадизеги лъаларо. Дур тущбабазул заралалдаса мунго цIунизеги кIоларо, дуе къварилъи гьабулел гIадамазе жаваб кьезеги кIоларо. ГIелму абулеб рагIиялда жаниб буго дунял-ахираталъул бахьибуголъи, ханлъи-къуватги, къадру-къиматги, бахIарчилъиги. Дунялалъул гIелму тIалаб гьабурав чиясе дунялалъул кIодолъи щола. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи ва ахират тIалаб гьабун гIелму тIалаб гьабурав чиясе дунялги щола, ахиратги щола.

ХIасанул Басрияс абуна: «ГIалимчи вуго жив Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъулев, гьеб гIазаб рикIкIадго букIаго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бокьаян абураб жо жиндие бокьулев, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ц148им бахъулеб жоялдаса жив рикIкIадги чIолев»-абун.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَتْلُونَ كِتَٰبَ ٱللَّهِ وَأَقَامُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَأَنفَقُوا۟ مِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً يَرْجُونَ تِجَٰرَةً لَّن تَبُورَ ٢٩

**29. Х1акълъунго жидеца Къуръан цIалиялда тIадчIей гьабулел гIадамал, хIукъукъал тIубан, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун какги балел, дица кьураб**

**ризкъиялдаса садакъа ва напакъа кьолел.**

**Гьеб садакъаги загьиралда кьолел ва балъгоги кьолел. Гьаб лъикIаб гIамалалдалъун жидееги бокьулел ахираталъул дармие бергьин.**

لِيُوَفِّيَهُمْ أُجُورَهُمْ وَيَزِيدَهُم مِّن فَضْلِهِۦٓ ۚ
إِنَّهُۥ غَفُورٌ شَكُورٌ ﴿٣٠﴾

**30. Гьал муъминзабазе бокьула Аллагьас ﷻ жидее ажру-кири тIубазабун кьезе ва жиндир рахъалъан тIаде цIекIелги кьезе.**

**Х1акълъунго гьев Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва лагъзадерил гIибадат къабул гьабун, гьелда щукру гьабулев.**

وَٱلَّذِىٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ مِنَ ٱلْكِتَـٰبِ هُوَ ٱلْحَقُّ
مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ بِعِبَادِهِۦ
لَخَبِيرٌۢ بَصِيرٌ ﴿٣١﴾

**31. Дица дуда вахIю гьабураб Къуръан хIакъаб ва жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб жо буго, МухIаммад ﷺ! Жиндаса цереккун рештIизарурал тIахьалги гьезда жаниб бугеб хIукмуги ритIухъ гьабулебги буго гьеб Къуръан. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь лагъзадерил киналго хIалал лъалев, гьезие маслихIатаб жо жинда бихьулев вуго** ва жиндие щибго жо балъго хутIуларевги вуго.

ثُمَّ أَوْرَثْنَا ٱلْكِتَـٰبَ ٱلَّذِينَ ٱصْطَفَيْنَا مِنْ
عِبَادِنَا ۖ فَمِنْهُمْ ظَالِمٌ لِّنَفْسِهِۦ وَمِنْهُم
مُّقْتَصِدٌ وَمِنْهُمْ سَابِقٌۢ بِٱلْخَيْرَٰتِ بِإِذْنِ
ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَضْلُ ٱلْكَبِيرُ ﴿٣٢﴾

**32.** Гьел цересел умматазда расулал ритIун, ва тIахьал рещтIизарун хадуб **гьаб хирияб Къуръан Дица ирсалъе кьуна Дир киналго лагъзадеридаса Дица хира гьарурал ва тIокI гьарурал МухIаммадил ﷺ умматалъе. Гьеб умматалъул цо гIадамал руго жидеца напсалъе зулму гьабурал.**

Къуръаналда нахърилълъинчIел, Аллагьасда ﷻ иман лъечIел, авараг ﷺ ритIухъ гьавичIел.

**Гьезул цо къокъа буго жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал ва амма цо-цо мехалъ кIарчанлъи ва гIасилъи гьабулел. Гьезул цо къокъа буго лъикIаб гIамал гьабизе яхI бахъулел ва гьеб лъикIаб гIамал гьабизе жал цере кколел, Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун. Гьеб лъикIаб гIамал гьабизе цере ккей буго Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб кIудияб хиралъи ва тIокIлъи.**

Гьаб ахираб къокъа бугин абуна, жидеца гIелму лъазабулел, цинги гьеб гIелму цогидазда малъулел ва гьеб лъикIаб гIамал гьабиялде

тIоритIулел гIадамал.

**33. Жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе ахираталда хIадурун буго «Жаннату гIаднин» абураб алжан. Даимго жанир рукIинелъун лъугьула гьеб алжаналъур.**

جَنَّٰتُ عَدۡنٖ يَدۡخُلُونَهَا يُحَلَّوۡنَ فِيهَا مِنۡ أَسَاوِرَ مِن ذَهَبٖ وَلُؤۡلُؤٗاۖ وَلِبَاسُهُمۡ فِيهَا حَرِيرٞ ٣٣

**Жидеда тIад месед, жавгьар-якъут ва луълуалъул курхьин-кIиликIги ретIула. Ва гьезул ретIелги бацIцIадаб дарайдул букIула.**

**34. Гьеб алжаналде жанир лъугьараб мехалъ гьез абула: «Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго, нижедаса пащманлъи ва хIинкъи тIаса инзабурав.**

وَقَالُواْ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ ٱلَّذِيٓ أَذۡهَبَ عَنَّا ٱلۡحَزَنَۖ إِنَّ رَبَّنَا لَغَفُورٞ شَكُورٌ ٣٤

**Х1акълъунго нижер БетIергьан Аллагь жив цIакъ гурхIулев, мунагьал чурулев вуго, жинца лагъзадерил гIамал къабул гьабун, гьезие щукру гьабулев вуго.**

**35. Гьев БетIергьан Аллагьасе буго даимаб щукру ва рецц, жиндир цIоб-рахIмуялдалъун даимго жанир чIолеб алжаналде ниж лъугьизарурав.**

ٱلَّذِيٓ أَحَلَّنَا دَارَ ٱلۡمُقَامَةِ مِن فَضۡلِهِۦ لَا يَمَسُّنَا فِيهَا نَصَبٞ وَلَا يَمَسُّنَا فِيهَا لُغُوبٞ ٣٥

**Гьеб алжаналда жаниб нижеда щибго захIмалъи-къварилъи хъвалареб ва нижер напсалъе свакай-кIвахIаллъи щолареб».**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1умаридаса бицараб х1адисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жидеца лаилагьа иллаллагь абулел г1адамазе хвалда аск1об х1инкъи гьеч1о, хобалда жанибги х1инкъи гьеч1о. Дун валагьун вугев г1адин вуго ва дида рихьулел ругеб г1адин вуго, гьеб «лаилагьа иллаллагь» абулел г1адамал хабалъан къват1ире рахъун рач1улел: жидеца бет1ералдаса ракьги гьарщизабулаго ва гьезги абулаго: «Кинабго рецц Т1адег1анав Аллагьасе буго, нижеда т1аса нижер пащманлъи инзабурав»* - абун.

Х1адис ибну Абих1атимица ва Т1абаранияс бицана.

**36. Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамазе жужахIалъул цIа хIадурун буго. Гьеб цIада жанир хун жидее рахIат щолареб ва гьездаса гьеб цIаялъул гIазаб бигьаги гьабулареб.** Абадияб

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَهُمۡ نَارُ جَهَنَّمَ لَا يُقۡضَىٰ عَلَيۡهِمۡ فَيَمُوتُواْ وَلَا يُخَفَّفُ عَنۡهُم مِّنۡ عَذَابِهَاۚ كَذَٰلِكَ نَجۡزِي كُلَّ كَفُورٖ ٣٦

жужахIалъул гIазаб буго гьеб.

**Гьадинаб жазаъ гьабула дица кинавниги купру-ширкалда чIарав чиясе.**

وَهُمْ يَصْطَرِخُونَ فِيهَا رَبَّنَآ أَخْرِجْنَا
نَعْمَلْ صَٰلِحًا غَيْرَ ٱلَّذِى كُنَّا نَعْمَلُ
أَوَلَمْ نُعَمِّرْكُم مَّا يَتَذَكَّرُ فِيهِ مَن تَذَكَّرَ
وَجَآءَكُمُ ٱلنَّذِيرُ فَذُوقُوا۟ فَمَا لِلظَّٰلِمِينَ
مِن نَّصِيرٍ ﴿٣٧﴾

**37. Гьел капурзаби жужахIалда жаниса жидее кумек тIалаб гьабун гьаракь борхун ахIдолел рукIула. Гьез абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца ниж гьаниса къватIир рахъизаре нижеца иман лъезе ва лъикIаб гIамал гьабизе. Нижеца гьабулеб букIараб купру-ширк гьабичIого лъик1аб гIамал гьабила нижеца»-абун.**

Гьезие жаваб гьабун ва гьезда бадибчIвай гьабун, Аллагьасул جل جلاله рахъалъан абула: **«Дица нуж дунялалда халатаб г1умруялъ тун рукIана гурищ?** Гьениб замана букIана ва ресги букIана жинца вагIза босулев чияс вагIза босизе. Гьеб гIумруги купру-ширкалда биччан, гьанже цоги гIумру кье абиялъул магIна щиб букIулеб? **Нужехъе аварагги вачIун вукIана гурищ, жинца гьаб гIазаб букIизе бугин хIинкъи кьолев? Гьанже нужеца гьаб гIазаб чIаме!»-абун. Купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабурал гIадамазе квербакъи гьабулев щивго чи вукIуларо.** Гьездаса гIазабги борхуларо.

إِنَّ ٱللَّهَ عَٰلِمُ غَيْبِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ
إِنَّهُۥ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿٣٨﴾

**38. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб балъгояб жо, загьираб жо жинда лъалеб хIалалъ.**

**Гьединго Аллагьасда جل جلاله лъик1 лъала инсанасул ракIалда жаниб бугеб пикруги.** Гьеб Аллагьасул جل جلاله лъаялъулъ буго гьал капурзаби гьанжесаги дунялалда риччаниги гьезул рекIелъ купру букIунеблъи ва гьез иман лъолареблъи.

هُوَ ٱلَّذِى جَعَلَكُمْ خَلَٰٓئِفَ فِى ٱلْأَرْضِ فَمَن كَفَرَ
فَعَلَيْهِ كُفْرُهُۥ وَلَا يَزِيدُ ٱلْكَٰفِرِينَ كُفْرُهُمْ عِندَ
رَبِّهِمْ إِلَّا مَقْتًا وَلَا يَزِيدُ ٱلْكَٰفِرِينَ كُفْرُهُمْ
إِلَّا خَسَارًا ﴿٣٩﴾

**39. Гьев БетIергьан Аллагь جل جلاله вуго жинца нуж гьаб ракьалда халифабилъун ва, варисзабилъун гьарурав.** Нужеда цереги г1емерал умматал ва къавмал рук1ана. Гьел умматалги т1аг1ун щвараб буго нужехъе гьаб ракь ва гьалда т1ад г1умру гьаби.

**Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьесул нигIматаздаги инкар ккурав чиясул инкаралъул гIазаб гьесие букIизе буго. Гьел капурзабазул купруялъ Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ццим бахъин тIадеги цIикIизабула:** гьезул купру цIикIкIанагIан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъинги цIикIкIуна. **Гьезул куфруялъ жидее чIорого хутIи ва гIазаб цIикIкIин гуреб щибго мунпагIат гьабуларо.**

Гьаб аяталъул магIна буго цо къавмалъ купру-ширк гьабунин абун ва гьеб жегиги цIикIкIизабунин абунги гьелдалъун тIадегIанав Аллагьасе щибго асар букIуларо, гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цогидаб махлукъаталъеги гьелъул къварилъи букIуларо. Гьеб купру-ширкалъул къварилъи ва гIазаб жидеего букIула ва кигIан жидер гIасилъи цIикIкIараб гьедигIанго гьезие гIазабги цIикIкIула.

**40. Дуца гьел Маккаялъул мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: нужеца дида бице нужер аллагьзабазул хабар,** жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагьги тун гьезие лагълъи гьабулел. Щиб жо сабаблъун нужеца гьел хъанчал аллагьзабилъун ккун ругел? **Нужеца дида бихьизабеха щиб жо бугеб гьез бижизабураб гьаб ракьалда тIад.**

قُلْ أَرَءَيْتُمْ شُرَكَآءَكُمُ ٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِ
ٱللَّهِ أَرُونِى مَاذَا خَلَقُوا۟ مِنَ ٱلْأَرْضِ أَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِى
ٱلسَّمَٰوَٰتِ أَمْ ءَاتَيْنَٰهُمْ كِتَٰبًا فَهُمْ عَلَىٰ بَيِّنَتٍ
مِّنْهُ ۚ بَلْ إِن يَعِدُ ٱلظَّٰلِمُونَ بَعْضُهُم بَعْضًا
إِلَّا غُرُورًا ﴿٤٠﴾

**Яги гьал зобал Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **рижулеб мехалъ гьесие кумек гьабулелищ гьел рукIарал? Яги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьезухъе тIехьищ рещтIизбун бугеб, гьеб тIехьалде гIамал гьабун гьел битIараб диналда рукIизе? Гьез абухъ гьечIо амру.**

ГьечIо щибго жо гьал хъанчаз бижараб, гьечIо зодисан рештIизабураб тIехьги, гьел аллагьзаби руго абун жинца нугIлъи гьабулеб. **Гьез хъанчие лагълъи гьабулеб буго церехун ругел мушрикаца хадур рачIулел гуккун ва жидеца абун гьел хъанчаца нилъее шапагIат гьабизе бугин абун.** Гьединаб щибго жиндие аслу ва хIужа гьечIеб жо буго мушрикаца жидерго кквераз гьарурал хъанчал аллагьзабилъун ккун гьезие лагълъи гьаби.

**41. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас зобалги ракьги ккола жидер бакIалдаса инчIого рукIизе. Гьел зобалги ракьги жиб бугеб бакIалдаса багъарун ине лъугьани, гьел ккведе кIолев щивго чи вукIуларо, ТIадегIанав Аллагьас гьел кквечIони.**

۞ إِنَّ ٱللَّهَ يُمْسِكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ أَن
تَزُولَا ۚ وَلَئِن زَالَتَآ إِنْ أَمْسَكَهُمَا مِنْ أَحَدٍ مِّنۢ
بَعْدِهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ حَلِيمًا غَفُورًا ﴿٤١﴾

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир хIалимлъи ва**

**гурх1ел бугев, жинца мунагьал рахчулев.**

وَأَقْسَمُوا۟ بِٱللَّهِ جَهْدَ أَيْمَـٰنِهِمْ لَئِن جَآءَهُمْ نَذِيرٌ لَّيَكُونُنَّ أَهْدَىٰ مِنْ إِحْدَى ٱلْأُمَمِ ۖ فَلَمَّا جَآءَهُمْ نَذِيرٌ مَّا زَادَهُمْ إِلَّا نُفُورًا ﴿٤٢﴾

**42. Маккаялъул мушрикал Аллагьасул ﷻ ц1аралдалъун ц1акъ ях1 бахъун къвак1арал гьаял гьедулел рук1ана, жидехъе Аллагьасул расул вач1ани жал цогидал умматаздаса ц1акъго лъик1 иман лъурал ва бит1араб нухда ругел рук1илин абун.**
**Цинги жидехъе расул вач1араб мехалъ гьелдалъун гьезул иман ц1ик1инч1о, гьезул иманалдаса т1ури ва рик1алъи ц1ик1к1ана.**

ٱسْتِكْبَارًا فِى ٱلْأَرْضِ وَمَكْرَ ٱلسَّيِّئِ ۚ وَلَا يَحِيقُ ٱلْمَكْرُ ٱلسَّيِّئُ إِلَّا بِأَهْلِهِۦ ۚ فَهَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا سُنَّتَ ٱلْأَوَّلِينَ ۚ فَلَن تَجِدَ لِسُنَّتِ ٱللَّهِ تَبْدِيلًا ۖ وَلَن تَجِدَ لِسُنَّتِ ٱللَّهِ تَحْوِيلًا ﴿٤٣﴾

**43. Гьел иман лъеялдаса т1урана гьаб ракьалда хьвадиялъулъ г1амал к1одолъи ва ч1ух1и загьир гьабун, жидеца хирияв расуласе ﷺ ва муъминзабазе квешаб макру гьабизе ургъун;** аварагасда нахърилълъиналдаса г1адамал нахъ ч1вазе, гьесие квалквал гьабун, гьес бицулеб жо гьереси гьабун, гьесда «сих1ручи вуго, жундуца ккурав чи вуго»-абун бугьтанал лъезе ургъун.
**Гьеб квешаб макруялъул зарал ва зулму гьеб макру гьабулеб агьлуялде гурого бусуларо. Гьезие бугеб х1укму гьеч1о гьезда церехун рук1арал, жидеца аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ макру гьабурал умматазул х1укму гурони.** Аллагьас ﷻ гьел умматал квешаб г1азаб т1аде биччан гьалаг гьаруна. **Аллагьасул ﷻ х1укму-къадар хисизабизе к1олев щивго чи вук1уларо,** Аллагьасул ﷻ нух ва г1адат жиб хисулареб буго. Гьев Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ цо къавмалъе г1азаб гьабизе, **гьеб нахъе ч1вазе к1олев, цоги рахъалде буссизабизе к1олевги щивго вук1уларо.**

أَوَلَمْ يَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَيَنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَـٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَكَانُوٓا۟ أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً ۚ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُعْجِزَهُۥ مِن شَىْءٍ فِى ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَلَا فِى ٱلْأَرْضِ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ عَلِيمًا قَدِيرًا ﴿٤٤﴾

**44. Маккаялъул мушрикал ракьалда т1ад хьвадулел гьеч1ищ жидер сапаразулъ.** Гьедин хьвадулеб мехалъ жидеца пикру кин гьабулареб ва гьел рек1ел бералдалъун **щай балагьуларел гьездаса цере рук1арал умматазул ахир киндай ккана абун.**
Гьел умматазул ч1унтарал росаби жидеда рихьулел ругелъул **Гьел г1адамал гьаздаса г1емерго къуват-гуч бугел рук1ана.** бечелъи бугел, аскарал г1емералги рук1ана.

**Т1адег1анав Аллагь жинца г1ажиз гьавулеб,** гьев жиндие бокьараб иш гьабиялдаса нахъч1вазе к1олеб **щибго жо гьеч1о зобалазда ва ракьалда. Х1акълъунго Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинда кинабго жо лъалев,** жиндир махлукъаталъул х1ал лъалев, **лагъзадерие мустах1икъаб х1укму т1убазе жиндир х1ал к1олев.**

**45. Т1адег1анав Аллагьасул г1адат бук1арабани г1адамаз мунагьал гьарунщинахъе гьезда данде г1акъуба гьабулеб - гьаб ракьалда т1ад цох1о рух1ч1аголъи хут1илароан жиб гьалаг гьабун гурони**.

وَلَوْ يُؤَاخِذُ ٱللَّهُ ٱلنَّاسَ بِمَا كَسَبُوا۟ مَا
تَرَكَ عَلَىٰ ظَهْرِهَا مِن دَآبَّةٍ وَلَٰكِن
يُؤَخِّرُهُمْ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى فَإِذَا جَآءَ
أَجَلُهُمْ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِعِبَادِهِۦ
بَصِيرًۢا ٤٥

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ г1адамал гьалаг гьарула гьезул г1асилъаби сабаблъун. Гьезул баракат гьеч1олъиялдалъун гьеб г1азаб цогидал рух1ч1аголъабаздаги г1амлъула.

**Кинниги Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **г1адат буго гьел** зулму ва г1асилъи гьабулел г1адамал гьалаг гьарич1ого **нахърахъун толеб, жинца къадар гьабураб заман щвезег1ан. Гьеб заман щвараб мехалъ** жинца кинабго халкъалъе жазаъ гьабула: Муъминзаби алжаназде лъугьизарула, капурзаби жужах1алде лъугьизарула. **Х1акълъунго Алагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда бихьулев вуго лагъзадерил х1ал ва гьезие гьабизе мустах1икъаб жазаъги.**

Аллагьас тавфикъ кьеги жив разияб гIамал гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Сурату Фа́тIиралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

## 36. Сурату Ясин

سُورَةُ يسٓ

*Маккаялда рещт1изабураб, жинда жаниб ункъоялда лъабго аят бугеб.*

*Гьаб хирияб суратги диналъул к1удиял аслаби баян гьариялъул к1вар гьабулеб буго. Т1адег1анав Аллагь цо вук1иналъе далилал рицингун цадахъ гьесул х1алк1олъиялде т1орит1ел гьабулел г1аламаталги рицун руго. Ахираталда ва хун хадуб т1аде рахъизариялда иман лъейги бицун буго. Гьеб х1укму баян гьабизе цо росдал къиса бицун гьелдалъун мисал бачун буго.*

*Сураталъул байбихьуда, гьаб хирияб Къуръаналдалъун гьа гьедун, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вах1ю ва рисалат х1акъаб бук1ин тасдикъ гьабун буго. Цинги Маккаялъул мушриказулги къурайшиязул церехъабазулги къосиналъул ва ах1макълъиялъул бицун буго. Жинца иманалде халкъ ах1улев чиясул мисал бачун, Х1абибу Нажарил къиса бицун буго. Жиндир къавмалъ гьев ч1вай, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев Алжаналде лъугьизави ва гьесул къавм гьалаг гьабиги баян гьабун буго.*

*Т1адег1анав Аллагь жинца жо бижулев, жиндир къудрат-гуч бергьарав хан вук1ин баян гьабиялъе далиллъун зобал-ракьалъул, бакъ-моц1алъул хабар бицун буго. Къиямасеб къо ч1ей х1акъаб бук1ин ва гьеб къоялъул зах1малъаби ва къварилъаби рицун руго. Халкъ т1аде бахъизабизе ссуралъуб пуйги, гьел мах1шаралда рак1ариги бицун буго. Муъминзабазул ва капурзабазул х1укмуги баян гьабун буго. Сураталъул ахиралдаги ахират бук1иналъе, хварал т1аде рахъизариялъе далил бицун, гьеб х1акъаб амру бук1ин тасдикъ гьабун буго.*

*Суратадда ц1ар лъун буго т1адег1анав Алагьас гьеб сурат жиндалъун байбихьараб к1иго х1арпалъул ц1аралдалъун «Я-син». Гьаб сураталъул хиралъи бицараб х1адисалда буго.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб Ясин Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун ва ахираталъул ажру бокьун ц1аларав чиясул Аллагьас мунагьал чурула. Нужеца гьеб Ясин ц1але хвалида г1агарлъарав чиясда аск1обги»-абун.* Х1адис имам Аннасаияс бицана.

*Гьеб х1адисалдаса бич1ч1улеб буго цо къварилъи ккараб мехалъ Ясин ц1алани, гьелъул баракаталдалъун гьеб къварилъи бигьалъилин абураб маг1на. Инсанасул рух1 бахъиги ц1акъго зах1матаб амру бугелъул, гьеб бак1алда аск1об Ясин ц1алиялъул маг1на буго*

*Т1адег1анав Аллагьасул баракат ва рах1мат рещт1ун, гьев чиясул рух1 бахъи бигьалъилин абураб.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Я-син.** يسٓ ۝١

Т1адег1анав Аллагьасда лъала гьаб раг1иялдалъун щиб мурад жиндир бугеб. Г1алимзабаз абуна гьаб Ясин Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад аварагасул ц1ар бугин абун. Цоги абуна гьаб раг1иялъул маг1на «Я инсан!» бугин абун ва цогиги бат1иял маг1набиги гьаруна г1алимзабаз гьеб раг1иялъул.

**2. Жиб мух1канаб, жинда т1аде хиса-баси бач1улареб Къуръаналдалъун гьедулев вуго Дун,** وَٱلْقُرْءَانِ ٱلْحَكِيمِ ۝٢

**3. Х1акълъунго мун вуго абун, Я Мух1аммад ﷺ, Аллагьас ﷻ жал рит1арал аварагзабаздаса عليهم السلام цо расул.** إِنَّكَ لَمِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝٣

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Маккаялъул къурайшияз абидалго я Мух1аммад ﷺ, мун Аллагьасул ﷻ расул гьеч1о, мун гьес нижеда расуллъунги вит1ун гьеч1оян-абун, гьел мушриказул раг1и хвезабун, жинца Къуръаналдалъун гьа гьедун, т1адег1анав Аллагьас абуна мун мурсалиназдаса вугоян-абун.

**4. Х1акъаб ва бит1араб нухалда вуго мун.** عَلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ۝٤

Гьеб нухги дуда цере рук1арал аварагзабазул عليهم السلام нух буго- Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие г1ибадат бац1ц1ад гьаби. Гьеб буго исламияб дин. Жидеде Аллагьасул ﷻ рахьалъан бач1араб жо къабул гьабун, гьеб нух ккун хьвади буго гьеб. Т1убанго жал Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе мут1иг1лъиги буго.

**5. Гьаб Къуръан рещт1изабуна жиндир гуч бергьарав, лагъзадерида гурх1ел г1емерав Аллагьас ﷻ.** تَنزِيلَ ٱلْعَزِيزِ ٱلرَّحِيمِ ۝٥

6. Гьаб Къуръан дуда рещт1изабуна, Мух1аммад ﷺ, **дуца гьелдалъун х1инкъи кьезе жеги жидер умумузухъе ва жидехъе расул вач1инч1еб г1арабиязул къавмалъе,** لِتُنذِرَ قَوْمًا مَّآ أُنذِرَ ءَابَآؤُهُمْ فَهُمْ غَٰفِلُونَ ۝٦

Аллагьасда ﷻ иман лъеч1ого хъанчие лагълъи гьабиялда т1ад ч1ани, **гьезие жужах1алъул г1азаб бук1изе бугин абун. Гьел г1арабиял х1акъаб диналдаса ва х1акъаб нухдаса гъапуллъун руго,** жидеца гьеб нух лъазе т1алаб гьабулеб гьеч1о ва иман лъезе

къасдги гьабулеб гьеч1о.

Жидехъе расул вач1инч1ониги г1акълу бугел г1адамаз пикру гьабизе ккола гьаб махлукъаталъул ва гьезда лъазе ккола гьаб камилаб х1алалъ г1уц1араб ва мух1канго хьвадулеб г1алам жинца бижарав Халикъ вук1изе кколеблъи. Гьев Халикъги жиндир къудрат бергьарав, гьунар камилав, жив цогояв хан вук1изе ккеялдаги кант1изе ккола.

Гьаб х1алалъ жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вук1иналда ва гьев жиндие лагълъи гьабизе х1акъав Бет1ергьан вук1иналда далил бачизе лъарал г1адамал руго «агьлу тавх1ид» - Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб агьлу.

لَقَدْ حَقَّ الْقَوْلُ عَلَىٰ أَكْثَرِهِمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝٧

**7. Х1акълъунго, гьал машриказул г1емерисел жидеца иман лъоларел руго ва гьеб сабаблъун жидее жужах1алъул г1азаб х1акълъарал руго.**

إِنَّا جَعَلْنَا فِي أَعْنَاقِهِمْ أَغْلَالًا فَهِيَ إِلَى الْأَذْقَانِ فَهُمْ مُقْمَحُونَ ۝٨

**8. Х1акълъунго Дица гьаб жужах1алъул агьлуялъул гарбазда рахсал ва гудрал рала: нилъазул х1амаялда гъоркь рухьун рук1ула гьезул кверал; кверал горбода рухьун, бет1ер эхеде к1ич1изабун ч1езарула.**

Гьаб мисал бачана т1адег1анав Аллагьас жидеда х1акъаб жо бихьуларел ва жидеца иман лъезе къасд гьабуларел г1адамазе. Гьезул мисал буго нилъазул х1амида гъоркь квералги рухьун, бет1ер эхеде к1ич1изабун, жидеда щибго жо бихьулареудухъ ч1езарурал г1адамазул мисал. Цоги маг1на гьабуна иман лъезе ч1ух1иялъул, гьелъие мук1урлъизе къасд гьеч1олъиялъул мисал бугин гьаб абун.

وَجَعَلْنَا مِنْ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ سَدًّا وَمِنْ خَلْفِهِمْ سَدًّا فَأَغْشَيْنَاهُمْ فَهُمْ لَا يُبْصِرُونَ ۝٩

**9. Жегиги гьел капурзаби руго Дица жидеда цебе борхатаб сангар гьабурал, жидеда нахъаги гьединабго сангар гьабурал, жидер бералги Дица бецц гьарурал, гьезда щибго жо бихьуларел.**

Гьезда иманалде унеб х1акъаб нух бихьуларо, гьел иман лъеялдаса нахъч1варал рук1ула. Гьаб мисалги буго гьел капурал г1адамаз иман лъунгут1иялъе бачараб мисал; Т1адег1анав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ азалияб г1елмуялъулъго лъалеб бугелъул гьеб къавм жидеца иман лъолареб бук1ин. Гьаб маг1на баян гьабун т1адег1анав Аллагьас хадубги абулеб буго:

وَسَوَاءٌ عَلَيْهِمْ أَأَنْذَرْتَهُمْ أَمْ لَمْ تُنْذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ۝١٠

**10. Гьал г1адамазе щибго бат1алъи гьеч1о дуца гьезие х1инкъи кьуниги, х1инкъи кьеч1ониги. Гьел руго жидеца**

**иман лъоларел г1адамал.**

إِنَّمَا تُنذِرُ مَنِ ٱتَّبَعَ ٱلذِّكْرَ وَخَشِيَ ٱلرَّحْمَٰنَ بِٱلْغَيْبِ فَبَشِّرْهُ بِمَغْفِرَةٍ وَأَجْرٍ كَرِيمٍ ﴿١١﴾

**11. Х1акълъунго дуца х1инкъи кьеялъ жиндие мунпаг1ат гьабулев чи вуго, Мух1аммад ﷺ, жинца Къуръаналда иман лъурав ва гьелда г1амалги гьабулев чи.**

**Живго цох1о вугеб бак1алдаги Аллагьасдаса ﷻ х1инкъун вук1улев.** Жинда Аллагь ﷻ вихьулев гьеч1ониги гьесдасан жив х1инкъулев, гьеб х1инкъи живго цох1о вугониги, г1адамаздагьоркьов вугониги живгун цадахъ бук1улев. **Дуца гьев муъминчиясда рохел бице Мух1аммад ﷺ, гьесие Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури бугин ва жиб хирияб алжаналъул ниг1маталги ругин абун.**

إِنَّا نَحْنُ نُحْيِ ٱلْمَوْتَىٰ وَنَكْتُبُ مَا قَدَّمُوا۟ وَءَاثَٰرَهُمْ ۚ وَكُلَّ شَىْءٍ أَحْصَيْنَٰهُ فِىٓ إِمَامٍ مُّبِينٍ ﴿١٢﴾

**12. Х1акълъунго дун вуго дица хварал г1адамал ч1аго гьарун т1аде рахъизарулев,** гьезул х1исаб-мизан гьабизе ва гьезие жазаъ гьабизе. **Дица гьез дунялалда гьабураб кинабго г1амал хъвала ва гьез х1ет1е ч1арабщинаб бак1ги хъвала.**

Дида иман лъурал муъминзаби масжидалде как базе унаго гьез бахъанщинаб галиги хъвала.

Жабир ؓ асх1абасдаса бицараб х1адисалъулъ буго: *«Банусаламат абулеб къавмалъул г1адамазе бокьун бук1ана масжидалде г1агардег1ан рач1ун, гьенир минаби разе. Гьеб хабар раг1араб мехалъ аварагас ﷺ абуна: «Я Банусаламатиял! Нуж нужерго бак1алда ч1а! Нужеца масжидалде унаго бахъараб гали нужее хъвала»*-абун.

Цоги маг1на гьабуна: гьел хвараб мехалъ гьез нахъе тараб асар хъвала, лъик1аб бук1а гьеб г1амал; г1елму г1адаб, масжид г1адаб, нух, кьо, лъим г1адаб. Яги квешаб бук1а.

**Кинабго жо Дица малаикзаби хъвазе риччан, жиб баянаб, жинца щибго жо гъоркь толареб т1ехьалъулъ хъван буго.** Ва гьеб хъвараб жоялда рекъон ахираталда жазаъги гьабизе буго.

وَٱضْرِبْ لَهُم مَّثَلًا أَصْحَٰبَ ٱلْقَرْيَةِ إِذْ جَآءَهَا ٱلْمُرْسَلُونَ ﴿١٣﴾

**13. Мун гьереси гьавун дуда иман лъезе ч1ух1ун ч1арал Маккаялъул мушриказе дуца бице, Мух1аммад ﷺ,** (Ант1акият) **абураб росдал агьлуялъул къиса. Гьезухъе Аллагьасул ﷻ расулал рач1араб г1уж бице.**

Цо г1алимзабаца абуна гьел Г1иса аварагас ؑ рит1арал расулал

рук1анин, гьеб росдал агьлу иман лъеялде ах1изеян абун.

إِذۡ أَرۡسَلۡنَآ إِلَيۡهِمُ ٱثۡنَيۡنِ فَكَذَّبُوهُمَا فَعَزَّزۡنَا بِثَالِثٖ فَقَالُوٓاْ إِنَّآ إِلَيۡكُم مُّرۡسَلُونَ ١٤

**14. Дица гьезухъе к1иго расул вит1ана. Доб росдал агьлуялъ гьал гьереси гьаруна ва гьезда иман лъеч1о. Цинги дица гьев к1иясего квербакъизе ва гьел гуч гьаризе лъабабилев расулги вит1ана. Гьел расулаз абуна: «Х1акълъунго ниж руго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж диналде ах1изе рит1арал расулал»-абун.**

قَالُواْ مَآ أَنتُمۡ إِلَّا بَشَرٞ مِّثۡلُنَا وَمَآ أَنزَلَ ٱلرَّحۡمَٰنُ مِن شَيۡءٍ إِنۡ أَنتُمۡ إِلَّا تَكۡذِبُونَ ١٥

**15. Гьеб росдал агьлуялъ абуна: «Нуж гьеч1о нижедаго релълъарал г1адамал гурони. Нуж аварагзаби гьеч1о ва Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **щибго жо рещт1изабич1о. Нуж гьеч1о нижеда гьереси бицунел г1адамал гурони, нуж аварагзаби руго абураб раг1иялдалъун»-абун.**

قَالُواْ رَبُّنَا يَعۡلَمُ إِنَّآ إِلَيۡكُمۡ لَمُرۡسَلُونَ ١٦

**16. Гьел расулаз абуна: нижер Бет1ергьанасда лъала ниж нужехъе рит1арал унго-унго расулал рук1ин.**

وَمَا عَلَيۡنَآ إِلَّا ٱلۡبَلَٰغُ ٱلۡمُبِينُ ١٧

**17. Нижеда т1адаб жо гьеч1о нижеда амру гьабураб х1алалъ жиб х1акъаб ва баянаб рисалат нужехъе щвезаби гурони.**
Нужеца иман лъуни гьеб нужее лъик1 буго. Иман лъеч1они гьелъул г1азабги нужееего бук1изе буго-абун.

قَالُوٓاْ إِنَّا تَطَيَّرۡنَا بِكُمۡۖ لَئِن لَّمۡ تَنتَهُواْ لَنَرۡجُمَنَّكُمۡ وَلَيَمَسَّنَّكُم مِّنَّا عَذَابٌ أَلِيمٞ ١٨

**18. Росдал агьлуялъ абуна: «Х1акълъунго гьеб нужер даг1ваталъ нижеда квешаб х1ал бич1изабуна.**
Гьеб нижее рихулеб, нижее х1ажат гьеч1еб даг1ват буго. Нижерго умумуз гьабулеб батараб дин гьабиялдаса ниж нахъч1валел г1адамал нижее рокьуларо. **Нужеца гьеб хабар ч1езе теч1они ва нуж нижеда гьоркьоса нахъе инч1они, нуж ганч1ал реч1ч1ун ч1вазе руго ва нужее ц1акъ квешаб г1азаб щвезе буго нижедасан»-абун.**

قَالُواْ طَٰٓئِرُكُم مَّعَكُمۡۚ أَئِن ذُكِّرۡتُمۚ بَلۡ أَنتُمۡ قَوۡمٞ مُّسۡرِفُونَ ١٩

**19. Расулаз абуна: «Гьеб нужеде бач1араб квешаб х1ал нужгун цадахъ бугеб х1ал буго.**
Нижедалъун нужее щибго зарал гьеч1о.
Нижеца нуж дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде ах1улел руго, купру-ширкалъул бец1лъиялдаса иманалъул нуралде рачулел руго.

**Гьадинаб лъик1аб жоялдалъун нужее ваг1за гьабураб мехалъ нужеда квешаб х1ал кин бач1улеб? Нужеца бицунеб раг1и бит1араб гьеч1о. Нуж руго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ г1асилъиялъулъ ва ва мунагьал г1емер гьариялъулъ г1орхъолъан ун ругел г1адамал» - абун.**

وَجَآءَ مِنْ أَقْصَا ٱلْمَدِينَةِ رَجُلٌ يَسْعَىٰ قَالَ يَٰقَوْمِ ٱتَّبِعُوا۟ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٢٠﴾

**20. Цинги гьеб росдал рик1к1адаб рахъалдаса ц1акъ хехго векерун цо чи вач1ана ва гьес абуна: «Я дир къавм, нуж гьал расулазда нахърилълъа» - абун.**

Ибнукасирица абуна: «Доб росдал агьлуялъ расулазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ даг1ват босич1ого, гьел ч1вазе къасд гьабураб мехалъ, гьеб бак1алде т1аде вач1ана ц1акъго хех векерун ва г1едег1ун Х1абибу Нажжар абун жинда ц1ар бугев муъминчи. Гьев вук1ана жинца хам бессулев (ткач) ва садакъа г1емер гьабулев чи»-абун.

Къурт1уби абулев г1алимас абуна: гьев Х1абибу Нажар вук1ана жинца г1емераб заманаялъ хъанчазе лагълъи гьабурав ва жинда т1омол унти бугев чи. (проказа). Гьес хъанчазда щибаб нухалъ гьарулеб бук1ана жиндаса гьаб унти нахъе босе абун, амма гьез гьесие жаваб гьабулеб бук1инч1о.

Гьал расулазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьев Х1абиб вихьараб мехалъ гьез гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялде ах1ана. Х1абибас абуна: « Нужер далил бугищха гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вук1иналда ва гьесие лагълъи гьабизе т1адаб бук1иналда» – абун. Гьел расулаз абуна: «Буго нижер далил, нижеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьарила дудаса гьеб унти т1аса босе абун ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дудаса унти босила» - абун. Х1абиб ц1акъго г1ажаиблъана ва гьес абуна: «Т1убараб г1умруялъ дица аллагьзабазда гьарараб мехалъ гьез босич1еб унти, нужер Аллагьас кин босулеб, цох1о нухалъ гьесдаги гьарун?» – абун. Гьез абуна: «Нижер Бет1ергьан Аллагь кинабго жоялда х1алк1олев вуго. Гьал дуца жидее лагълъи гьабулел хъанчал щибго жо гьабизе к1оларел руго» - абун. Х1абибу Нажарица Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъуна ва гьел расулаз عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ дуг1аги гьабун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесдаса унтиги нахъе босана.

Гьав Х1абибида раг1араб мехалъ жиндир къавм гьел расулал ч1вазе х1адурун рук1ин, гьев г1едег1ана гьезие кумек гьабизе ва хехго гьезда т1аде ана. Жинца къавмалдаги абуна: «Нужеца гьал расулал ч1ваге, нужеца гьазда иман лъун нуж гьазда нахърилълъа. Гьел руго нуж Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ г1азабалдаса хвасар гьаризе сабаблъун ругел г1адамал» – абун.

ٱتَّبِعُوا۟ مَن لَّا يَسْـَٔلُكُمْ أَجْرًا وَهُم مُّهْتَدُونَ ﴿٢١﴾

**21. Нужедаса щибго ужра-мухь т1алаб гьабич1ого нуж лъик1аб жоялде ах1улел расулазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ мут1иг1лъе ва гьезда**

**нахърилълъа!**

**Гьел руго жал бит1араб диналда ругел г1адамал.** Гьез нужги ах1улел руго гьеб бит1араб диналде.

**22. Жинца дун вижарав ва ахирги гьесда руссизе ругев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеч1ого вук1ине ккани дие бугеб щиб жо бугеб.**

وَمَا لِيَ لَآ أَعۡبُدُ ٱلَّذِي فَطَرَنِي وَإِلَيۡهِ تُرۡجَعُونَ ٢٢

Нужееги гьеч1о щибго къварилъи гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъунин абун.

**23.** Жинца дун вижарав, дун хьихьулев **Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун цоги аллагьзаби кин дица кколел жидее лагълъи гьабулеллъун.**

ءَأَتَّخِذُ مِن دُونِهِۦٓ ءَالِهَةً إِن يُرِدۡنِ ٱلرَّحۡمَٰنُ بِضُرّٖ لَّا تُغۡنِ عَنِّي شَفَٰعَتُهُمۡ شَيۡـٔٗا وَلَا يُنقِذُونِ ٢٣

**Дир Бет1ергьан Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **дие цо зарал гьабизе бокьани гьел алагьзабазда к1оларо гьеб зарал дидаса нахъч1вазе ва дие шапаг1ат гьабун дун гьеб зараладаса хвасар гьавизе.** Гьел руго жидеlъ рух1 гьеч1ел ганч1ал яги ц1ул. Гьезда гьаракьги раг1уларо, щибго жоги бихьуларо, щибго жо бицинеги к1оларо.

**24. Дида Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **х1акъав Бет1ергьан вук1ин лъан хадуб дица цоги аллагьзабазе лагълъи гьабуни дун баянаб къосиналъулъ вук1ула.**

إِنِّيٓ إِذٗا لَّفِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٍ ٢٤

**25. Х1акълъунго дица иман лъун буго нужер Бет1ергьан Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ**. Нуж дица бицулеб жоялда г1енекке.**

إِنِّيٓ ءَامَنتُ بِرَبِّكُمۡ فَٱسۡمَعُونِ ٢٥

Нужеца гьеб къабул гьабе ва нужецаги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъе.

Гьаб берцинаб ваг1за-насих1ат гьабун жал иман лъеялде ах1араб мехалъ ва жинцаги иман лъун бук1ин загьир гьабураб мехалъ, гьеб залимаб ва г1асияб къавм гьесде т1аде к1анц1ана ва жидеца гьев ч1вана. Гьеб къавмалда гьоркьов цониги чиги вук1инч1о гьесул рахъ кколев ва гьесие кумек гьабулев.

**26.** Гьев Х1абибу Нажар хвараб мехалъ **Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан гьесда абуна: «Мун алжаналда жаниве лъугьа»-абун.**

قِيلَ ٱدۡخُلِ ٱلۡجَنَّةَۖ قَالَ يَٰلَيۡتَ قَوۡمِي يَعۡلَمُونَ ٢٦

Шагьидзабигун цадахъ алжаналда жаниб жиндие бугеб макъам бихьараб мехалъ гьев Х1абибида жиндир къавм ракl1алде щвана **ва гьес абуна: «Вай аман Аллагь, дир къавмалда**

лъалеб анищха

**27. Т1адег1анав Аллагьас дир цересел мунагьал чурараблъи ва дун жал хира гьарурал шагьидзабазда гьоркьов гьавураблъи!** بِمَا غَفَرَ لِي رَبِّي وَجَعَلَنِي مِنَ ٱلْمُكْرَمِينَ ﴿٢٧﴾

Гьеб мехалъг1аги гьеб къавмалъ иман лъезе бегьулаан ва гьел абадияб жужах1алъул г1азабалдаса хвасарлъизе бегьилаан» - абун. Гьаб буго унгого Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьарал ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рокьарал вализабазул сипат: жиндир тущбабаздаги гурх1ел гьабулеб, гьездаса т1аса лъугьунеб.

**28. Дица гьев** Х1абибу Нажар **ч1ван хадуб гьесул къавмалъе г1азаб гьабизе малаикзабазул боял рит1ич1о. Дун гьел боял рит1иялда х1ажатавги вук1инч1о.** ۞ وَمَا أَنزَلْنَا عَلَىٰ قَوْمِهِۦ مِنۢ بَعْدِهِۦ مِن جُندٍ مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَمَا كُنَّا مُنزِلِينَ ﴿٢٨﴾

Дие цо амру бокьараб мехалъ цох1о «Кун» абураб раг1и абун Дие бокьараб жо лъугьула.

**29. Гьеб къавмалъе г1азаб гьаби** ва гьел гьалаг гьари бук1инч1о **Жабраил малаикас гьабураб цох1о гьаракь гурони.** إِن كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَٰحِدَةً فَإِذَا هُمْ خَٰمِدُونَ ﴿٢٩﴾

Гьеб гьаракьалдалъун гьел киналго хун г1одор ккана **ва ссвараб ц1а г1адин т1аг1ун ана.**

30. Дида инкар ккурал ва дир аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарурал **гьал лагъзадерие бугеб къварилъи ва пашманлъи!** Ц1акъ ах1макъал г1адамал ругоха гьел, ц1акъ к1удияб балагь буго гьез жидеда т1аде босулеб. يَٰحَسْرَةً عَلَى ٱلْعِبَادِ مَا يَأْتِيهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٣٠﴾

**Щибаб къавмалда расул вач1анщинахъе гьеб къавмалъ расул махсароде ва гьереси гьавулев вуго.**

Гьебго г1амал гьабуна гьаб Маккаялъул мушриказги. Кинабго халкъалъул хирияв, аварагзабазулги Сайид, Мух1аммад авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жидехъе вач1араб мехалъ, гьев гьереси гьавуна ва гьесда иман лъезеги ч1ух1ана.

**31. Гьал къурайшияз пикру гьабуларищ киг1ан г1емерал умматал ва къавмал жидеда церехун рук1арал ва киг1ан г1емерал умматал Дица гьалаг гьарурал.** أَلَمْ يَرَوْا۟ كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ ٱلْقُرُونِ أَنَّهُمْ إِلَيْهِمْ لَا يَرْجِعُونَ ﴿٣١﴾

**Х1акълъунго гьел умматал жидехъе нахъ руссун рач1улел гьеч1о гурищ?** Гьал къурайшиялги к1ола Дида гьалаг гьаризе ва гьезиеги

бук1уларо дунялалде т1ад руссин.

**32. Гьал цересели хадуселги умматал киналго ахираталда Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **руссинаризе руго** ва жидер х1исаб-мизан гьабун гьезие жазаъги гьабизе буго.

وَإِن كُلٌّ لَّمَّا جَمِيعٌ لَّدَيْنَا مُحْضَرُونَ ٣٢

Дунялалда г1азаб гьаби ва гьалаг гьари буго дагьабго къварилъи. Гьаниб г1азаб гьабуна абун ахираталда гьабулеб абадияб г1азаб купруширкалъул г1адамаздаса т1аса босуларо ва гьезие щибго бигьалъиги гьабуларо. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал г1адамазул мунагьал чури сабабалъе гьезда т1аде цо-цо къварилъи биччала. Гьез тавбу гьабун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи т1алаб гьабун, лъик1аб г1амал гьабураб мехалъ, гьезул мунагьал чурула ва гьезда данде ахираталда г1азаб гьабуларо. Мух1амад Г1али Сабунияс абуна: жинда кант1изе рекъараб масъала буго Къуръаналъул пасих1лъиялъул, гьеб жиндир раг1аби дагьаб, маг1на гъваридаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам бук1иналъул г1аламатаздаса буго цо къиса бицулеб мехалъ гьеб къиса къокъ гьабун бицин, гьеб къисаялъулъ росоялъул, шагьаралъул ц1ар рехсонгут1и, г1адамазул ц1арал рехсонгут1и. Къиса бициналдаса мурад бук1ула ваг1занасих1ат гьаби ва гьелдасан г1ибрат боси. Гьаб мурад т1убала гьеб къиса лъугьараб бак1алда гьел г1адамазул ц1арал рицинч1ониги. Гьединго г1емерисел аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ц1аралги рехсеч1о Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир хирияб Къуръаналда жаниб.

**33. Иман лъезе бокьарал г1адамазе** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вук1иналда, гьесул х1алк1олъиялда т1орит1ел гьабулел **аятал ва г1аламатал руго, Дица хвараб ракь ч1аго гьабиги.**

وَءَايَةٌ لَّهُمُ ٱلْأَرْضُ ٱلْمَيْتَةُ أَحْيَيْنَٰهَا وَأَخْرَجْنَا مِنْهَا حَبًّا فَمِنْهُ يَأْكُلُونَ ٣٣

**Щибго т1аде жо бижич1еб бакъвараб ракь Дица зодисан ц1ад рещт1изабун ч1аго гьабула ва гьелдаса Дица т1орщел бижизабула, г1адамаца кваналеб ва гьезул бет1ер бахъилъун бугеб.**

**34. Гьеб ракьалда т1ад Дица ахалги гьаруна чамастакил ва ц1олбол пихъ бижулел. Гьел ахазда жаниса лълъималги раккизаруна.**

وَجَعَلْنَا فِيهَا جَنَّٰتٍ مِّن نَّخِيلٍ وَأَعْنَٰبٍ وَفَجَّرْنَا فِيهَا مِنَ ٱلْعُيُونِ ٣٤

**35. Гьел ахакьан пихъал кваназе ва гьез бекьараб хурил т1аг1ам ва бахчадул ниг1матал кваназе.**

لِيَأْكُلُوا۟ مِن ثَمَرِهِۦ وَمَا عَمِلَتْهُ أَيْدِيهِمْ ۖ أَفَلَا يَشْكُرُونَ ٣٥

**Гьал ниг1матал жидее кьурав Аллагьасе**

**ﷻ гьел г1адамаз щукру гьабуларищ ва гьев разилъи т1алаб гьабун, гьесие г1ибадат гьабуларищ?**

سُبۡحَٰنَ ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلۡأَزۡوَٰجَ كُلَّهَا مِمَّا تُنۢبِتُ ٱلۡأَرۡضُ وَمِنۡ أَنفُسِهِمۡ وَمِمَّا لَا يَعۡلَمُونَ ٣٦

**36. Жив вац1ц1адав ва т1адег1анав вуго гьев Аллагь жинца кинабго жо к1ирекъезабун бижарав: цояб бихьинаб, цояб ц1уяб гьабун.**
**Ракьалда бижулеб жоги, г1адамалги, ва жеги нужеда лъалареб жоги к1ирекъезабурав.**

Гьаб аяталъе цоги маг1на гьабуна: жинца т1аг1ам, кьер, мах1, сипат бат1иял пихъал ва ниг1матал рижарав, гьединго г1адамал ва цогидаб махлукъат бат1и-бат1ияб сипат-сураталда рижарав абун.
«Кинабго жо кIирекъезабун бижана» абураб раг1и цIакъ маг1на гъваридаб буго. ТIадегIанав Аллагьас доб заманалъул гIадамазул гIакълу хадуб гъолеб хIалалъ ракьалдаса бижулеб жо ва гIадамал, гьединго цогидаб рухIчIаголъиги кIирекъараб букIин бицана. Гьелдаги тIад жинца абуна: «Нужеда жиб лъалареб жоги гьабуна дица кIирекъараб»-абун.
Гьаб Къуръаналъул мугIжизат загьирлъана анцIила ункъго къарну ун хадуб. Жакъа гIелмуялъ тасдикъ гьабулеб буго жиб бищун гьитIинаб зарралъун рикIкIунеб атомалда жаниб нейтрон ва протон букIин. Гьеб кIиябго зарраги цояб бихьинаб цояб цIуяб букIин (положительное, отрицательное). ТIадегIанав БетIергьан Аллагь ﷻ цо вуго, гьес бижанщинаб махлукъаталъул бищун гьитIинаб зарраги кIирекъараб буго. Гьаб хIикматалда кантIи цIакъ кIудияб нигIмат буго ва Аллагьасда ﷻ унго-унгояб иман лъеялъе сабаблъунги буго.

وَءَايَةٞ لَّهُمُ ٱلَّيۡلُ نَسۡلَخُ مِنۡهُ ٱلنَّهَارَ فَإِذَا هُم مُّظۡلِمُونَ ٣٧

37. Гьединго Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб **кIудияб гIаламат буго Дица сордо цIакъ бецIлъизаби, гьелдаса къоги нахъе босун.**
**Цинги гьел гIадамал щибго жо бихьулареб бецIлъукье ккола.** Гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго бецIлъи аслу букIин, нур гьелде тIаде бачIараб букIин. Бакъ ва моцI баккараб мехалъ канлъи ва нур бачIула, гьеб кIиябго гьечIеб мехалъ бецIлъи букIула.

وَٱلشَّمۡسُ تَجۡرِي لِمُسۡتَقَرّٖ لَّهَاۚ ذَٰلِكَ تَقۡدِيرُ ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡعَلِيمِ ٣٨

**38. Жиб ахиралда чIолеб заман щвезегIан хьвадулеб бакъги буго Аллагьасул ﷻ кIудиял гIаламатаздаса цо гIаламат.**
Гьеб чIолеб заманги Къиямасеб къо бач1ин буго.
Гьаб рагIиялъул цоги магIна гьабуна: «Жиб чIейго гьечIого хьвадулеб бакъ» - абун. Гьаб магIна гIалимзабаз къабул гьабулеб гьечIо.

**Гьаб даимаб хIалалъ бакъ хьвади ва цогидал цIваби хьвадиги, гьезул цонигияб жиндир нухдаса къосунгутIиги жиндир гуч бергьарав ва г1елму-лъай камилав ТIадегIанав Аллагьас къадар гьабиялдалъун ва гьесул тадбиралдалъун буго.** Жегиги инсанасда гIорхъаби кодоре щвечIел зобал-ракьазул тадбир гьабулев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIелмуги къуват-гучги бергьараб букIин жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амру буго.

**39. МоцIги хьвадизабуна дица. Щибаб къоялъ гьеб баккулеб ва тIерхьунеб бакIалъул къадарги чIезабуна, гьеб моцI тIеренлъун, тIогьилллъун, бакъвараб чамастакил гъот1ол г1аркьел гIадин лъугьизегIан.** وَٱلۡقَمَرَ قَدَّرۡنَٰهُ مَنَازِلَ حَتَّىٰ عَادَ كَٱلۡعُرۡجُونِ ٱلۡقَدِيمِ ﴿٣٩﴾

Инсанасул beралда моцI къоло микьго сордоялъ бихьула. Цинги гьеб цIакъго тIеренлъун бералда бихьулареб лъугьун цо сордоялъ яги кIиго сордоялъ бихьичIого хутIула. Моц1 берда бихьулеб къоло микьго сордоялъ гьеб баккулеб ва тIерхьунеб бакI хал гьабун, гьелдалъун заман лъазе ва моцIрол къадар лъазе инсанас гьелдаса мунпагIат босула.

**40. Бакъалъул х1ал кIоларо моцIалда хадуб гъезе ва гьебгун данделъизе.** Гьелдалъун жинца моцIрол нур свинабун, кидаго бакъул гвангъи букIизе. لَا ٱلشَّمۡسُ يَنۢبَغِي لَهَآ أَن تُدۡرِكَ ٱلۡقَمَرَ وَلَا ٱلَّيۡلُ سَابِقُ ٱلنَّهَارِۚ وَكُلّٞ فِي فَلَكٖ يَسۡبَحُونَ ﴿٤٠﴾

**Сордоги гьечIо жиб къоялдаса цебе кколеблъун.** Гьелдалъун жинца къоялъул канлъи свинабизе ва сордог1адин букIизе. **Щибаб цIваги, бакъги, моцIги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къадар гьабураб хIалалъ зобалазул нухазда хьвадулел руго.**

Гьезул тадбир жиндие бихьи ва хиси гьечIеб буго. Гьел цIвабзазул кIодолъиги ва нилъедаса рикIкIалъиги жиндие гIорхъи инсанасда лъалареб буго. Гьеб кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев, гьеб жинца бижарав нилъер БетIергьан Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ жиндие рецц ва щукру гьабун инсан хадув гъоларев вуго. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналда рекIелчIей гьабун, гьесул сипатал лъазарун, гьезие гIорхъи чIвазе лъугьинчIого рукIин буго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарал муъминзабазул сипат.

**41. Цогиги гIаламат буго гьел гIадамазе** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб, وَءَايَةٞ لَّهُمۡ أَنَّا حَمَلۡنَا ذُرِّيَّتَهُمۡ فِي ٱلۡفُلۡكِ ٱلۡمَشۡحُونِ ﴿٤١﴾

**Х1акълъунго Дица цересел умматал – Адамил зурриялъул гІадамал, жиб жаниб цІураб НухІил عَلَيْهِ السَّلَامُ гамида рекІизари.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун гьабураб НухІ аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ гамида рекІизабуна щибаб рухІчІаголъиялдаса цо бихьинаб, цо цІуяб жо. НухІ аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ иман лъураб гьесул агьлуги рекІизабуна.

وَخَلَقْنَا لَهُم مِّن مِّثْلِهِۦ مَا يَرْكَبُونَ ﴿٤٢﴾

**42. Гьев НухІил гамидаса мисал босун Дица гІадамазе гьаруна жал тІад рекІун хьвадулел гуми** ва ракъдада жидеда тІад рекІунел варанаби ва цогидал хІайваналги рижана.

وَإِن نَّشَأْ نُغْرِقْهُمْ فَلَا صَرِيخَ لَهُمْ وَلَا هُمْ يُنقَذُونَ ﴿٤٣﴾

**43. Дие бокьун букІарабани Дида кІолаан гьел киналго ралъдалъ гъанкъизаризе. Цинги гьезул ахІиялъе жаваб кьолев щивго чи вукІинароан ва гьел ралъдалъ гъанкъиялдаса хвасарги гьарилароан.**

إِلَّا رَحْمَةً مِّنَّا وَمَتَٰعًا إِلَىٰ حِينٍ ﴿٤٤﴾

**44. Гьел ралъдалъ гъанкъизаричІого тей дир рахъалъан гьезие рахІмат буго ва дица гьел чІаго тун руго жидее къадар гьабураб ажал тІубазегІан.**

КигІанго мухІкан гьабураб гама бугониги, кигІанго лебалал гама бачулел гІадамалги ругониги, гьеб гама лъеда тІад чІей ва гьениб хьвади тІадегІанав Аллагьасул хІалкІолъи буго ва гьес инсанасе ралъад квегьи буго. Ралъдадасан рекІун хьвадарал гІадамазда лъала гьеб ралъад багъарараб мехалъ кинаб гучаб хІинкъи гьезда тІад бачІунеблъи. Жиндие бокьани цохІо лахІзаталда жаниб гьеб гама кІалагъоркье сверизабизе кІола Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ.

Гьебго мисал буго гьаваялда боржунеб самолеталъулги, ракъдада хьвадулеб машинаялъулги. Гьел киналго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанасе квегьун руго. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьел хвезаризе бокьараб мехалъ, инсанасда гьеб амру гьукъизе кІоларо ва гьеб иш тІубан хадуб азарго батІияб багьана бати гуреб жидеда гьабизе кІолеб жоги букІуларо. АлхІамдулиллагь, Кинабго рецц тІадегІанав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго жинца нилъ бусурбабилъун гьарун ругелъул ва жиндир хІукму-къадаралда божулелги гьарун ругелъул.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱتَّقُوا۟ مَا بَيْنَ أَيْدِيكُمْ وَمَا خَلْفَكُمْ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьел мушриказда абураб мехалъ нуж хІинкъа нужеда цере рукІарал умматазда щвараб гІадаб гІазаб ва гьалаг гьари щвеялдаса, гьединго нуж хІинкъа жиб тІаде бачІизе бугеб ахираталъул гІазабалдасаги, гьедин нуж**

**хIинкъани Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужеда гурхIилин абун,-** гьел мушрикаца жидее гьабураб вагIза босичIо.

**46. Гьезухье рачIарал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIаламатаздаса цониги гIаламатги хут1ич1о, гьелдаса жал руссун рук1ун гурони.**

وَمَا تَأْتِيهِم مِّنْ ءَايَةٍ مِّنْ ءَايَٰتِ رَبِّهِمْ إِلَّا كَانُوا۟ عَنْهَا مُعْرِضِينَ ﴿٤٦﴾

Жидеца гьелъул пикру гьабичIо ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъезе мутIигIлъичIо.

**47. Гьел мушриказда ва капурал гIадамазда абураб мехалъ нужеца садакъа ва напакъа кье Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьураб ризкъиялдасаян абун, капурал гIадамаз муъминбазул хIакъалъулъ абуна:**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ أَنفِقُوا۟ مِمَّا رَزَقَكُمُ ٱللَّهُ قَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لِلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَنُطْعِمُ مَن لَّوْ يَشَآءُ ٱللَّهُ أَطْعَمَهُۥٓ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٤٧﴾

**«Нижеца напакъайищ кьолеб гьел Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал гIадамазе? Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьун букIараб ани гьес кьелаан гури гьезие напакъа? Нуж цIакъ баянаб къосиналъулъ рукIин бихьулеб буго нижеда!** Алльагьас пакъир гьарурал гIадамазе напакъа кье абун нижеда аби нужер ахIмакъльи ва къосин буго-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибнуг1аббасица абуна: Маккаялъул мушриказул цIакъго къосарал инкарчагIи рукIана жидеда садакъа кьеян абураб мехалъ, гьез муъминзабиги, Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ, аварагги махсароде кквеялъул къасдалда абулаан: «Кьеларо нижеца садакъа, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинцаго кье абе жинда иман лъурал г1адамазе напакъа»-абун.

Гьел ахIмакъал гIадамазда лъалеб букIинчIо кинабго ризкъиялъул БетIергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин ва жинца цоязе ризкъи гIатIид гьаби ва цогидазе ризкъи дагь гьаби гьесул хIикмат ва хIалбихьи букIин. Бечелъи кьун хIалбихьи гьабула щукру гьабуладай абун, пакъир гьарун хIалбихьи гьабула сабру гьабуладай абун.

Гьел мушрикаца ахиратги гьереси гьабулеб букIана ва жидеда гьеб ахираталъул хабар бицараб мехалъ гьелда тIадги релъанхъулел рукIана. Гьелъул хIакъалъулъ тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**48. Гьез абулеб буго кидаха букIизе бугеб нужеца къотIи гьабулеб къиямасеб къо ва гьелъул гIазабги, нуж битIараб жо бицулел ратани?–абун.**

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٤٨﴾

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

مَا يَنظُرُونَ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً تَأْخُذُهُمْ وَهُمْ يَخِصِّمُونَ ﴿٤٩﴾

**49.** Гьеб цIакъ гIагардаго буго ва щибго лъачIого гьезда тIад щвезеги буго.
**ЦохIо Исрапил малаикас ссуралъуб пуй гурони гьечIо г1адамал жинда балагьун, жиб кидал бук1унеб лъаларого бугеб къиямасеб къо т1ад щвеялъул г1аламат. Цинги гьел къиямасеб къоялъ ккола**–гьел гьалаглъула, **жидерго даран-базаралда, дагIба-къецалда, дунялалъул ишазда рукIадго.**

فَلَا يَسْتَطِيعُونَ تَوْصِيَةً وَلَا إِلَىٰ أَهْلِهِمْ يَرْجِعُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Цинги гьезул хIал кIоларо цоцадехун аманат-васият гьабизе. Гьединго гьезда кIоларо жидерго агьлу-хъизаналде тIад руссизеги.**
Гьеб буго тIоцебесеб ссуралъул пуй. Гьеб пураб мехалъ гIадамал кутакалда хIинкъула, жал ругеб бакIалдаго хутIула: рагъаризе кIвечIого ва жидер агьлу-хъизаналъухъе ине кIвечIого. Гьеб хIалалда жал рукIадго Исрапил малаикас кIиабизеги ссуралъубе пула ва гьелдалъун кинабниги махлукъат хола ва гьалаглъула.
Жинда Аллагь разилъаяв имам Бухарияс бицараб хIадисалда буго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Валлагьи, къиямасеб къо бачIизе буго кIиго чияс жидер ххам бичизе абун тIибитIулеб мехалъ, гьев кIиясулго даран тIубачIого ва гьеб ххам сукIичIого. Къиямасеб къо бачIизе буго нужер цояв гъуй къачIалев вукIаго ва гьеб гъуялдасан лъимги гьекъечIого. Къиямасеб къо чIезе буго жинца кIалдиб лъезе абун кодобе босараб тIагIам кIалдибего щвечIого»*-абун.
Гьаб хIадисалъул ва доб аяталъул магIна буго гьеб къиямасеб къо бачIизе буго ракIалдаго гьечIого ва гьеб бачIараб мехалъ инсанасул кинабго гIамал батIуллъизе буго ва гьевги гIакълу-лъай ун, кIалъазе яги вагъаргъизе кIвечIого хутIизе вуго.
Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьарабгIан заман кинабго рухI бугеб жо хун, ракьалдаса халкъ тIагIун араб мехалъ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабун Исрапил малаикас лъабабизеги ссуралъуб пула ва гьеб букIула ахирияб пуй, жиндалъун хварал тIаде рахъизарулеб ва гьел махIшаралда хIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе ракIарулеб.
Гьеб ссуралъуб пуялъул бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَإِذَا هُم مِّنَ الْأَجْدَاثِ إِلَىٰ رَبِّهِمْ يَنسِلُونَ ﴿٥١﴾

**51. Цингиги ссуралъуб пула ва гьеб кинабго халкъ жидер хобаздаса къват1ире рахъун, БетIергьанас ахIараб**

**рахъалде гIедегIун уна.**

**52. Къиямасеб къоялда инкар ккун рукIарал гIадамазги абула: «Вай нижее бугеб къварилъи! Щив чи вугев жинца ниж регун рукIараб бакIалдаса тIаде рахъизарурав?»-абун.** قَالُوا۟ يَـٰوَيْلَنَا مَنۢ بَعَثَنَا مِن مَّرْقَدِنَا ۜ ۗ هَـٰذَا مَا وَعَدَ ٱلرَّحْمَـٰنُ وَصَدَقَ ٱلْمُرْسَلُونَ ﴿٥٢﴾

Гьезие жаваб гьабун муъминзабаца абула: **«Гьаб буго тIадегIанав Аллагьас къотIи гьабулеб букIараб ва гьесул аварагзабаца** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ**жиб ритIухъ гьабулеб букIараб къиямасеб къо»-абун.**

53. Гьаб халкъ тIаде бахъизаби тIадегIанав Аллагьасе щибго захIматаб жо гьечIо. **Гьеб гьечIо цохIо нухалъ Исрапил малаикас ссуралъуб пуй гурони. Гьеб ссуралъуб пураб мехалъ кинабго халкъ Дида аскIоб бакIарун жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе хIадурун чIун рукIула.** إِن كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَٰحِدَةً فَإِذَا هُمْ جَمِيعٌ لَّدَيْنَا مُحْضَرُونَ ﴿٥٣﴾

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан гьеб халкъалда хит1аб гьабула:

**54. Жакъа цониги напсалъе зулму гьабуларо ва щибаб напсалъе жазаъ гьабула гьелъ дунялалда гьабураб гIамалалда рекъараб -абун.** فَٱلْيَوْمَ لَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْـًٔا وَلَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٥٤﴾

Ас-сави абулев гIалимас абуна: гьаб ахираб ссур пулелде цебе Исрапил малаикас абула: «Я гьал турарал рукьби! Я гьал тIутIун арал щукIдул (сухожилия) ва ратIалъарал, рикь-рикьун арал лугби, гьороца щущазарурал расал! ТIадегIанав Аллагьас нужеда амру гьабулеб буго нуж цоцазде данделъе абун ва нуж хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе БетIергьанасда цере чIезе хIадурлъе!»-абун. Цинги Исрапилас ссуралъуб пула ва кинабго халкъ тIаде бахъун хIисаб-мизан гьабизе гIарасат майданалда (махIшаралда) данделъула.

Гьеб ссуралъуб кIиго нухалъ гурони пуларо абуна цо гIалимзабаз: авалаб ссуралъуб пуй букIула халат бахъараб: гьеб гьаракь рагIараб мехалъ гIадамал гьалда гIенеккулеб, цинги гьеб Къиямасеб къо чIеялъул гIаламат букIин лъан жидер гIакълу-лъай ун хIинкъун гIодор кколеб, гьелдаса хадур хун тIагIунеб. Гьаб ахираб ссуралъуб пуй букIула хвараб халкъ тIаде бахъизабун махIшаралде бакIарулеб абун.

**55. Х1акълъунго гьеб Къиямасеб къоялъ алжаналъул бетIергьаби – дунялалъул рукъор Аллагь** إِنَّ أَصْحَـٰبَ ٱلْجَنَّةِ ٱلْيَوْمَ فِى شُغُلٍ فَـٰكِهُونَ ﴿٥٥﴾
جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи тIалаб гьабун хьвадарал муъминзаби, жидерго**

**нигIматазулъ рукIула ва жужахIалъул агьлу ракIалде щвеялдаса машгъуллъун рукIула.**

ТIадегIанав Аллагьас гьезда кIочезарула жужахIалъуре ккарал жидер гIагарал гIадамал ва гьудулзаби. Гьел кIочезариялъе сабабги букIула гьезие бугеб гIазаб ракIалде щун жидер рахIат ва лазат хвечIого букIизе. Жидер нигIматазул тIагIам камилаб букIизе, жидер хIурулгIинзабаздехун хурхен цоги щибго жоялъ мукъсан гьабунгутIизе.

Гьаб магIна баян гьабун тIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

هُمْ وَأَزْوَٰجُهُمْ فِى ظِلَٰلٍ عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ مُتَّكِـُٔونَ ﴿٥٦﴾

**56. Гьел муъминзабиги гьезул руччабиги алжаналъул пихьил ахазул рагIдукь рукIула, жавгьар-якъутаз къачIарал тахазда тIад гIодор чIун ва хьибилчIван, рахIаталда рукIула.**

لَهُمْ فِيهَا فَٰكِهَةٌ وَلَهُم مَّا يَدَّعُونَ ﴿٥٧﴾

**57. Гьезие тIадегIанав Аллагьас алжаналда жаниб батIи-батIияб пихъ бижун буго ва гьезие щиб жо бокьаниги, гьеб щолебги буго.**

Гьеб тIалаб гьабизе хадур лъугьинчIого, гьелда къасд ккарабго гьеб жидеда аскIоб чIун батула.

سَلَٰمٌ قَوْلًا مِّن رَّبٍّ رَّحِيمٍ ﴿٥٨﴾

**58.** Алжаналъул агьлуялъул цоцадехун бугеб хитIабги буго: «Салам» аби. **Гьеб алжаналъул агьлуялда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъанги абула: «Нужее салам буго жив гурхIулев нужер БетIергьан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан» - абун.**

Алжаналъул агьлуялде тIаде радал-бакъанида малаикзабиги лъугьула ва гьезги «Ассаламу гIалайкум»- абун гьезие тахIият (кIодо гьари) гьабула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалъулъги буго: *«Алжаналъул агьлу жидер нигIматазде машгъуллъун рукIадго гьезда тIаде цо нур баккун бучIула. БетIер тIаде борхун жал балагьидал гьезда БетIергьан Аллагь* جَلَّ جَلَالُهُ *вихьула жидеда тIаде ваккун ва гьес абула: «Ассаламу гIалайкум, я алжаналъул агьлу!»* - абун. Гьаб хIадисалъ баян гьабураб магIна буго гьаб аяталъулги. Х1адис имам ибну Мажатица бицана.

ТIадегIанав Аллагьас тавпикъ кьеги жив разилъулеб ва жиндир нигIматазул алжанал щолеб гIамал гьабизе.

Алжаналъул бетIергьабилъун рук1ун бахьибугеллъун лъугьарал муъминзабазул хIал баян гьабун хадуб, ТIадегIанав Аллагьас

бахьикъосараб жужахIалъул агьлуялъул хIал баян гьабуна ва гьес абуна:

وَٱمۡتَٰزُواْ ٱلۡيَوۡمَ أَيُّهَا ٱلۡمُجۡرِمُونَ ٥٩

59. Гьеб къоялъ тIадегIанав Аллагьас абула: **«Нуж ратIалъе ва рикIкIалъе, я гьал капурзаби,** Дида иман лъурал ва Дие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабаздаса»-абун. Гьаб рагIи гьезде абула хIисаб-мизан гьабизе махIшаралде ракIарараб мехалъ ва гьеб хIисаб гьабун алжаналъул агьлу алжаналде, жужахIалъул агьлу жужахIалде битIулеб мехалъги. Гьел капурзабазда бадибчIвай гьабун тIадегIанав Аллагьас жегиги абула:

۞أَلَمۡ أَعۡهَدۡ إِلَيۡكُمۡ يَٰبَنِيٓ ءَادَمَ أَن لَّا تَعۡبُدُواْ ٱلشَّيۡطَٰنَۖ إِنَّهُۥ لَكُمۡ عَدُوّٞ مُّبِينٞ ٦٠

**60. Дица нужеда амру гьабун букIана гурищ, я гьал Адамил лъимал, нужеца щайтIаналъе лагълъи гьабуге абун. Х1акълъунго гьеб щайтIан нужер баянаб тущман бугин, жиндир мурад нуж къосине гьари бугеб.**

وَأَنِ ٱعۡبُدُونِيۚ هَٰذَا صِرَٰطٞ مُّسۡتَقِيمٞ ٦١

**61. Нужеца дие лагълъи гьабеянги амру гьабун бук1инч1ищ нужеда?**
**ЩайтIаналъе лагълъи гьабичIого ТIадегIанав Аллагьасе лагълъи гьаби буго битIараб нух ва хIакъикъияб дин.**

وَلَقَدۡ أَضَلَّ مِنكُمۡ جِبِلّٗا كَثِيرًاۖ أَفَلَمۡ تَكُونُواْ تَعۡقِلُونَ ٦٢

**62. Х1акълъунго гьаб щайтIаналъ нужедаса гIемерал умматал ва къавмал къосизаруна ва Дие гIибадат гьабиялдаса гьел нахъчIвана.**
**Гьеб жо нужеда щай бичIчIулареб ва гьелдасан гIакълу щай босулареб?**

هَٰذِهِۦ جَهَنَّمُ ٱلَّتِي كُنتُمۡ تُوعَدُونَ ٦٣

**63. Гьаб буго нужее къотIи гьабулеб букIараб, амма нужеца гьереси гьабураб жужахIалъул цIа.**

ٱصۡلَوۡهَا ٱلۡيَوۡمَ بِمَا كُنتُمۡ تَكۡفُرُونَ ٦٤

**64. Жакъа нуж гьеб жужахIалде жанире лъугьа ва нужеца гьелъул гIазабги чIаме! Дунялалъул рукъоб нужеца гьабураб купру-ширкалъул жазаълъун буго нужее гьаб гIазаб.**

ٱلۡيَوۡمَ نَخۡتِمُ عَلَىٰٓ أَفۡوَٰهِهِمۡ وَتُكَلِّمُنَآ أَيۡدِيهِمۡ وَتَشۡهَدُ أَرۡجُلُهُم بِمَا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ٦٥

**65. Жакъа Дица гьал капурзабазул кIалазда мугьру чIвала ва Дида гьезул кверал кIалъазе руго, цогидал лугбалги кIалъазе руго.**

**Гьезул хIатIаз ва тIолалго лугбаз нугIльиги гьабизе буго жидеца гьабураб гIамалги бицун.**

ЖиндаАллагьразилъаявАбумусаАлашгIариясдасабицарабхIадисалда буго: *Къиямасеб къоялъ капурзаби ва мунапикъзаби хIисаб-мизан гьабизе цере ахIула ва БетIергьан Аллагьас гьезда цере лъола жидер гIамалал хъварал кагътал. Гьел гIадамаз гьеб гIамалалда инкар ккола ва жидеца абула: «Валлагьи, нижер БетIергьан, гьаб гIамал нижеца гьабураб гьечIо. Гьаб малаикзабаца хъван буго, нижеца гьабунги гьечIого» - абун. Цинги гьеб гIамал хъвалев вукIарав малаик вачIун гьес абула: «Дуца гьаб пуланаб къоялъ пуланаб бакIалда гьадинаб гIамал гьабуна гурищ?»-абун.*

*Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьесул кIалалда мугьру чIвала ва щибаб лага кIалъазе гьабун гьелъ нугIлъи гьабула жинца гьабураб гIамал бицун»* - абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

Цоги хIадисалда буго: къиямасеб къоялъ инсанас абула: *«Я дир БетIергьан, дуца къотIи гьабун буго гурищ щибниги напсалъе зулму гьабизе гьечIо абун. Дица къабул гьабизе гьечIо дие щивниги чияс гьабураб нугIлъи цохIо дирго напсалъ гьабураб гурони» - абун. ТIадегIанав Аллагьас абула дуе дурго напсалъ гьабураб ва дур гIамал хъварал хирияв малаикзабаца гьабураб нугIлъи гIезе буго абун. Цинги Аллагьас гьесул кIалалда мугьруги чIван, щибаб лагаялде абула мун кIалъаян абун.*

*Гьел лугби кIалъан гьез жидецаго гьабураб гIамал бицараб мехалъ, лагъас абула: «Вай нужее квеш букIаял! Дун нуж сабаблъун нужее гIазаб щвезе бокьичIого вукIана гурищ БетIергьан Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *цеве къацандулев» - абун. Цингиги гьел лугбуца абула: «Нижеда гьабизе кIолеб щибго жо гьечIо. Ниж кIалъазаруна жинца кинабго жо кIалъазабулев ва жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев нижер БетIергьанас»* - абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**66. Дие бокьун букIарабани Дица гьел къурайшиязул мушрикал беццал гьарилаан, цинги гьел жидерго нухда инеянги лъугьинаан ва амма кинха гьезда нух бихьилеб?**

وَلَوْ نَشَاءُ لَطَمَسْنَا عَلَىٰٓ أَعْيُنِهِمْ فَاسْتَبَقُوا الصِّرَاطَ فَأَنَّىٰ يُبْصِرُونَ ﴿٦٦﴾

**67. Дие бокьун букIарабани Дица гьезул къаркъала хисизабилаан жал ругеб бакIалдаго ва гьезда кIвезе букIинчIо гьеб бакIалдасан тIаде рахьун церехун ине яги нахъ руссун рачIизеги.**

وَلَوْ نَشَاءُ لَمَسَخْنَاهُمْ عَلَىٰ مَكَانَتِهِمْ فَمَا اسْتَطَاعُوا مُضِيًّا وَلَا يَرْجِعُونَ ﴿٦٧﴾

Гьаб кIиябго аят буго капурзабазе къимат кьолеб: гьезие баян гьабулеб буго тIадегIанав Аллагь жиндие бокьараб жо гьабизе кIолев вукIин ва гьел капурзабаз Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъечIони ва жидер гIасилъиги зулмуги течIони, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие цо балагь ва къварилъи гьабизе бегьулеблъи.

وَمَن نُّعَمِّرۡهُ نُنَكِّسۡهُ فِي ٱلۡخَلۡقِۚ أَفَلَا يَعۡقِلُونَ ٦٨

**68. Дица жидее халатаб гIумру къурал гIадамазул тIабигIаталги гIаксалда сверизарула.**

ГIолохъанлъи херлъиялда сверизабула, къуват загIиплъиялде сверизабула, гIакълу-тадбирги лъималазул гIадаб гьабула. **Жидеда кин бичIчIулареб тIадегIанав Аллагь вукIин кинабго жоялда хIалкIолев** ва гьес жидееги бокьараб гIазаб гьабизе бегьулеблъи.

وَمَا عَلَّمۡنَٰهُ ٱلشِّعۡرَ وَمَا يَنۢبَغِي لَهُۥٓۚ إِنۡ هُوَ إِلَّا ذِكۡرٞ وَقُرۡءَانٞ مُّبِينٞ ٦٩

**69. Дица Дир расул МухIаммадида** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **щигIру гьабизе лъазабичIо. Гьесда рекъарабги гьечIо щигIру гьабулев чилъун вукIизе. Гьев вуго жиндир уммат диналде ахIизе витIарав дир хIакъав авараг. Гьев аварагас умматалъе цIалулеб жоги гьечIо гьезие вагIза-насихIат гурони ва Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жинде рещтIизабураб хирияб Къуръан гурони.**

لِّيُنذِرَ مَن كَانَ حَيّٗا وَيَحِقَّ ٱلۡقَوۡلُ عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ ٧٠

**70. Гьев авараг умматалде витIун вуго жидер ракI чIагоял муъминзабазе Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдалъун хIинкъи кьезе** ва алжаналъул нигIматаздалъун рохел бицизе.

**Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIин хIакъаблъунги гьабизе.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIун хIакъаб нух бихьизабураб мехалъ гьеб нухдасан хьвадичIел гIадамазе жужахIалъул гIазаб хIакълъула.

Гьаб кIиго аят (69-70) рещтIизабиялъе сабабги буго Маккаялъул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIамад авараг щигIру гьабулев чи вугин ва гьес цIалулеб Къуръанги щигIру бугин абун букIин. Мушриказул рагIи хвезабун рещтIизабуна гьаб кIиябго аят.

أَوَلَمۡ يَرَوۡاْ أَنَّا خَلَقۡنَا لَهُم مِّمَّا عَمِلَتۡ أَيۡدِينَآ أَنۡعَٰمٗا فَهُمۡ لَهَا مَٰلِكُونَ ٧١

**71. Гьел мушрикал кин балагьуларел ва жидеца пикру щай гьабулареб Дица жидее батIи-батIиял хIайванал рижун рукIиналъул.**

Гьел хIайванал руго Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялдалъун рижарал, жиндие гIахьалчагIиги гьечIого, гьел рижизе цебехун мисал-суратги гьечIого. **Гьел гIадамал жал бетIергьабилъун рахъунелги руго дол хIайваназул.**

وَذَلَّلْنَٰهَا لَهُمْ فَمِنْهَا رَكُوبُهُمْ وَمِنْهَا يَأْكُلُونَ ﴿٧٢﴾

**72. Дица гьел хIайванал квегъун руго гIадамаз жидедаса мунпагIат босизе. Гьел хIайваназда тIад рекIун сапаразде ине ва гьел хIайваназул гьан кваназе.**

وَلَهُمْ فِيهَا مَنَٰفِعُ وَمَشَارِبُ أَفَلَا يَشْكُرُونَ ﴿٧٣﴾

**73. Гьединго гIадамаз гьел хIайваназдаса цогиги мунпагIатал росула:** квас-расалдаса, цIоко-тIомалдаса.

**Гьел хIайваназул рахьги гьекъола,** гьелъул хIаннахги гьабула. **Гьаб кинабго жо жидее бижарав, гьеб квегъарав, гьеб жидее ризкъилъун гьабурав Аллагьасе ﷻ щукру гьабиларищха гьал гIадамаз?**

ТIадегIанав Аллагьас инсанасе квегъун ругел хIайваназул пикру гьабурав чиясеги кIудияб далил ва хIужжа буго Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабизе. ГьитIинаб лъимералъ квелъ ккун бачунеб чу, оц, варани нилъеда бихьула. Пилалда тIадги рекIун гьеб хьвадизабулел гIадамалги рихьула. Гьел хIайванал инсанасда гIасилъани ва тIурун ани, яги рагъизе рортани, гьесул хIалги кIоларо гьезул гIадлу гьабизе ва гьезде данде чIезе.

وَاتَّخَذُوا مِن دُونِ اللَّهِ ءَالِهَةً لَّعَلَّهُمْ يُنصَرُونَ ﴿٧٤﴾

**74. Жидеца Аллагьги ﷻ тун хъанчал ккуна аллагьзабилъун гьез жидее кврбакъи гьабизе бугин абун.**

Гьел хъанчал руго жидер гIакълу-лъай гьечIел, жидеда щибго жо бихьуларел ва рагIуларел ганчIал ва магIданиял жал.

لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَهُمْ وَهُمْ لَهُمْ جُندٌ مُّحْضَرُونَ ﴿٧٥﴾

**75. Гьел хъанчазул хIалкIоларо жидее лагълъи гьабулел мушриказе щибго кверкбакъи гьабизе.**

Гьедин бугониги мушрикал гьал хъанчазул рахъ кколел, гьезие боцIи-мал харж гьабулел, гьезие хъулухъ гьабулел руго. **Хъанчазе мутIигIал боязда рельлъун руго мушрикал жидер пишаялъулъ.**

Къуртlубияс абуна: гьел мушриказда рихьана Аллагьасул ﷻ хlалкlолъиялде тlоритlел гьабулел аятал, гьедин бугониги гьез

хъанчал ккуна жидее г1ибадат гьабулел алагьзабилъун. Гьезул щибго жо гьабизе х1алги к1оларо. Мушрикал гьел ц1унун, гьезул рахъ ккун к1алъалел рук1ула. Х1акъикъаталда мушрикал гьел хъанчазул боязда ва лагъзадерида релълъун руго.

فَلَا يَحْزُنكَ قَوْلُهُمْ إِنَّا نَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٧٦﴾

**76. Мун пащман гьавуге, МухIаммад ﷺ, гьел мушриказ дуда тIаса бицулеб хабаралъ.**

Гьез дуда шагIир вуго, сахIир вуго, жундуца ккурав чи вуго абулеб буго. **ХIакълъунго Дида лъала гьез дуда рагIизабун бицунеб жоги, гьезул ракIазулъ бугеб пикруги.** Дица гьезие цIакъ квешаб гIазаб гьабизе буго жидер гIамалалде данде ва гьезие рорчIизе бакIги букIуларо гьеб гIазабалдаса.

أَوَلَمْ يَرَ الْإِنسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِن نُّطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُّبِينٌ ﴿٧٧﴾

**77. Гьав дида инкар ккурав инсанасда кин лъалареб Х1акълъунго Дица жив вижун вукIин манидул къатIраялдаса?**

Жив жиндаса вижараб жоялъул загIиплъи кин гьесда лъалареб? Гьеб загIипаб жоялдаса жив вижарав Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиги кин лъалареб? **Гьеб ишги лъачIого купрурширкалда вугев инсан жиндир БетIергьан Аллагьасде ﷻ цIакъ къацандулев вуго!**

Гьес Аллагьасда ﷻ инкар кколеб буго, аварагги гьереси гьавулев вуго, ахираталдаги иман лъолеб гьечIо. Щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб махлукъат бижарав, хIарщул гIерекъалдаса Адам вижарав, манидул къатIраялдаса гьесул наслу ва зуррият бижарав Аллагьасе ﷻ хун хадур гIадамал тIаде рахъинари цIакъ бигьаяб жо букIин бичIчIулеб гьечIо гьал инкарчагIазда.

Гьаб хадуб бугеб аят рещтIизабиялъе сабаб бицана: *Убаю ибну Халап абулев мушрик вачIана турараб ракьаги босун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIове ва жинца гьеб ракьаги хъурун гIодобе бан, аварагасда ﷺ тIад велъун абуна: «Я МухIаммад! Дуца абулебищ бугеб Аллагьас ﷻ нижж таде рахъинарулин абун гьадинаб турараб ракьалъун лъугьун хадур? – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Аллагьас ﷻ мун тIаде вахъинавизе вуго ва жужахIалъул цIадавеги лъугьинавизе вуго»* – абун. Х1адис ибну Касирица бицана Мужагьид ва Г1икрима ва Г1урватидасан.

وَضَرَبَ لَنَا مَثَلًا وَنَسِيَ خَلْقَهُ قَالَ مَن يُحْيِي الْعِظَامَ وَهِيَ رَمِيمٌ ﴿٧٨﴾

**78. Гьав капурчияс Дие мисал бачунеб буго дица жив кин вижун вугевги кIочон тун. Гьес абулеб буго: «Гьал турарал**

**ракьлъун лъугьарал рукьби жинца чIаго гьарулев чи щив вугев? - абун.**

**79. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, гьел турарал рукьби чIаго гьаризе руго жинца гьел байбихьудаго рижарав Аллагьас ﷻ. Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца бижараб махлукъалъул хIал жинда лъикI лъалев,** гьеб кин бижилеб, кин хвезабилеб ва кин ахираталда чIаго гьабун тIаде бахъинабулеблъиги жинда лъалев.

قُلْ يُحْيِيهَا ٱلَّذِىٓ أَنشَأَهَآ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۖ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ ﴿٧٩﴾

**80. Гьев БетIергьан Аллагь вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан - **жинца нужее биччараб, гIатIгояб цIулалдасаги цIа гьабурав, цинги нужеца гьелдалъун цIа бакула.**

ЦIа буго жинца цIул бухIулеб жо. Гьеб жинца цIул бухIулеб цIа Аллагьас ﷻ гIатIгояб гъветIалъул цIулалдаса баккизабула. Гьеб цIулги пальма буго ва марахги буго.

ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُم مِّنَ ٱلشَّجَرِ ٱلْأَخْضَرِ نَارًا فَإِذَآ أَنتُم مِّنْهُ تُوقِدُونَ ﴿٨٠﴾

**81. Гьал зобалги ракьалги жинца рижарав Аллагь ﷻ гьечIищха хун хадур гIадамал тIаде рахъинаризе кIолев?**

Вуго гьев Аллагь ﷻ хун хадур гIадамал тIад рахъизарулев. **Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца кинабго жо бижулев ва кинабго жоялъул маслихIаталги лъалев.**

أَوَلَيْسَ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِقَٰدِرٍ عَلَىٰٓ أَن يَخْلُقَ مِثْلَهُم ۚ بَلَىٰ وَهُوَ ٱلْخَلَّٰقُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٨١﴾

**82. Х1акълъунго Гьев Аллагьасе ﷻ цо амру лъугьине бокьараб мехалъ, гьес «Кун»-абураб рагIи абула** (ай мун бук1а абун) **ва гьеб жиндие бокьараб амруги лъугьула.**

Т1адег1анав Аллагь гьеб «кун» абун абиялда х1ажатав гьеч1о. Гьесие бокьараб лах1заталъ бокьараб жо лъугьула. Гьаб раг1и буго нилъер г1акълуялда рекъараб х1алалъ цо иш баян гьабун абураб.

إِنَّمَآ أَمْرُهُۥٓ إِذَآ أَرَادَ شَيْـًٔا أَن يَقُولَ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٨٢﴾

**83. Кинабго жоялъул ханлъи ва ихтияр жинда кодоб бугев БетIергьан Аллагь ﷻ тIадегIанав ва вацIцIадав вуго.**

Кинабго махлукъ гьесул милк ва мулк буго, кинабго къуват-къудратги гьесие буго. Гьаб дунялалъул рукъоб бугеб нилъеда лъалебги лъаларебги, рухI бугебги рухI гьечIебги махлукъ

فَسُبْحَٰنَ ٱلَّذِى بِيَدِهِۦ مَلَكُوتُ كُلِّ شَىْءٍ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٨٣﴾

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тадбиралдалъун хьвадулеб буго. Ахираталда кинабго амру ва хIукму гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ буссунеб буго. **Киналго гIадамал ва женал жидер хIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ руссунел руго.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату Ясиналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго щукру ва рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 37. Сурату Ссáфáт

سُورَةُ الصَّافَّاتِ

*Гьаб сураталда жанибги аслияб бакI кколеб буго Исламияб диналъул аслаби баян гьариялъ: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIин, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьесул хIакъал расулал рукIин, ва ахират букIинги хIакъаб амру букIин баян гьабиялъ.*

*Сураталъул байбихьудаса Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хириял малаикзабазул къиса бицунеб буго, зодире рахиналдаса нахъчIварал жундузул хабарги буго. Хадуб муъминчиясул ва капурчиясул цоцаздехун бугеб бахIс баян гьабун буго.*

*Дагьабго бицен гьабун цо-цо аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисаги бицун буго: НухI, Ибрагьим, ИсмагIил, Муса, Гьарун, Ильяс, ЛутI аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ бицен гьабун буго. Жинда Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагас, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабураб хIалалъ, жиндир вас ИсмагIил عَلَيْهِ السَّلَامُ хъвезе къасд гьабиги, гьеб амруялъе ИсмагIил мутIигIлъиги, бицун буго: киналго муъминзабазе вагIзалъун букIизе ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда хIакъикъияб мутIигIлъи кин букIунеб лъазеги.*

*Сураталъул ахиралда бицен гьабун буго тIадегIанав Аллагьас жиндир аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва жиндие рокьарал муъминзабазе квербакъи гьабиялъул ва хIакъикъияб бахьибуголъиги, лъикIаб ахиратги Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъарал гIадамазе букIиналъул.*

*Сураталда цIар тун буго «жидеца мухъал гьарулел» абун – Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хириял малаикзабазул бицен букIиналъ гьаб сураталда жаниб ва гьеб: «жидеца мухъал гьарун» гIибадат гьаби малаикзабазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабураб сипат букIиналъ.*

*ТIадегIанав Аллагьас гьаб сураталъе авал гьабулеб буго жиндир махлукъатлъун ругел малаикзабазул цIаралдалъун гьедиялдалъун ва жинцаги абулеб буго:*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

وَالصَّافَّاتِ صَفًّا ﴿١﴾

**1. «Дун гьедулев вуго жидеца мухъал гьарулел малаикзабадалъун»** - абун.

Гьез мухъал гьарула Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ какал разе рахъун чIун.

Цоги абуна гьезул куркьбаз мухъал гьарула Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялде

балагъун чIун: гьеб амру бачIарабго гьеб тIубазе гIедегIизеян-абун. Гьал малаикзабазул цIаралдалъун гьедиялъул магIнаги буго гьел Аллагьасе ﷻ хириял рукIин баян гьаби. Гьел Аллагьасе ﷻ хиралъиялъе сабабги буго малаикзаби даимго Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабулел рукIин, цохIо лахIзаталъги Аллагьасдехун гIасилъуларел рукIин.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса ХIузайфат асхIабас бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул расулас ﷺ абуна: *«Аллагьас ﷻ нилълъ хира гьарун руго цогидал умматаздасан лъабго жоялдалъун. Аллагьас ﷻ нилълъер мухъал гьарун руго малаикзабазул мухъазда релълъун. Аллагьас ﷻ нилълъее кинабго ракьги гьабун буго масжидлъун. Нилълъее лъим батич1еб мехалъ ракьги гьабун буго жинца жо бацIцIад гьабулеблъун»* - абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабир ибну Самуратица бицараб хIадисалдаги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца мухъал гьаре малаикзабаца жидер БетIергьанасда аскIор мухъал гьарулеб хIалалъ» - абун. Нижеца абуна: «Кин гьарулел гьел малаикзабаца БетIергьанасда аскIор мухъал?» - абун. Аварагас абуна: «Гьез авалаб мухъ цIезабула ва гьел цоцазда цунги рукIула»* - абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**2. Жидеца накIкIал цере къотIун рачулел малаикзабаздалъунги гьедулев вуго Дун.** فَالزَّٰجِرَٰتِ زَجۡرٗا ﴿٢﴾

ИбнухатIибица абуна: «Гьал руго жидеца квешаб жоялдаса гIадамал нахъ чIвалел, лъикIаб жо гьабиялда гьел ахIулел муъминзаби» - абун.

**3. Аллагьасул ﷻ аятал аварагзабазе عَلَيۡهِمُ السَّلَامُ цIалулел, Аллагьасе ﷻ тасбихI гьабун, гьесие рецц гьабун, гьев кIодо гьавун цIалдолел малаикзабаздалъунги гьедула Дун.** فَالتَّٰلِيَٰتِ ذِكۡرًا ﴿٣﴾

Жидеца Къуръан цIалулел ва Аллагь ﷻ гIемер рехсолел, гьесие тасбихI ва хIамд гьабулел муъминзаби руго гьал абуна ИбнухатIибица.

Цоги гIалимзабаз абуна: гьел руго Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рагъ гьабизе жидеца мухъал гьарурал мужагьидал, жал чуялги рачун тушманасда т1адги к1анц1улел, Аллагьасул ﷻ Къуръан цIалун, гьесда дугIа гьабун, гьесдаса жидее квербакъи тIалаб гьабулел.

Гьаб гIалимзабазул рагIи цоялъ цояб хвезабулеб гьечIо. ТIадегIанав Аллагь гьедулев вуго жиндие хириял малаикзабаздалъун, жиндие гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзабаздалъун, жиндир диналъе гIоло жигьад гьабулел бахIарзаздалъунги.

Гьаб гьа гьедиялъе сабаб бицун Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:

**4. ХIакълъунго нужеца гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан жив цогояв цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абун.**

إِنَّ إِلَٰهَكُمْ لَوَٰحِدٌ ٤

**5. Зобалазулги ракьалъулги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. Бакъ баккулеб ва бакъ тIерхьулеб рахъалъул БетIергьанги вуго гьев.**

رَّبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَرَبُّ ٱلْمَشَٰرِقِ ٥

**6. ХIакълъунго Дица дунялалда тIад бугеб зоб берцин гьабуна цIвабзаздалъун –** жавгьаразда релълъун инсанасда рихьулел гьел цIвабиги.

إِنَّا زَيَّنَّا ٱلسَّمَآءَ ٱلدُّنْيَا بِزِينَةٍ ٱلْكَوَاكِبِ ٦

**7. Гьел цIвабзаздалъун дица зобги цIунана кинабниги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъиялдаса жиб бахъараб щайтIаналдаса.**

وَحِفْظًا مِّن كُلِّ شَيْطَٰنٍ مَّارِدٍ ٧

**8. Гьел щайтIабазда кIоларо зобалазда бицунеб хабаралде гIенеккизе.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ малаикзабазда вахIю гьабулеб, гьез аварагзабазухъе عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ щвезабулеб рисалаталда гIенеккизеги. **Гьезда зодиса цIадул сунтурал речIчIула.**

لَّا يَسَّمَّعُونَ إِلَى ٱلْمَلَإِ ٱلْأَعْلَىٰ وَيُقْذَفُونَ مِن كُلِّ جَانِبٍ ٨

**9. Киналго рахъаздаса гьел щайтIаби нахъчIвазе.**
**Гьезие ахираталдаги жиндие нахъаса къотIи гьечIеб гIазаб букIизе буго.**

دُحُورًا ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ وَاصِبٌ ٩

**10. Жинца зобалазда бицунеб цо дагьабго жо бикъизе кIвараб щайтIан хут1изег1ан гьелда хадубги дица цIадул сунтур речIчIула ва гьеб бухIун тIагIизабула.**

إِلَّا مَنْ خَطِفَ ٱلْخَطْفَةَ فَأَتْبَعَهُۥ شِهَابٌ ثَاقِبٌ ١٠

**11. Дуца гьикъе, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ,** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда инкар кколел, хун хадур тIаде рахъине гьаруларо абулел капурзабазда:
**нуж рижийищ бугеб Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ кIудияб иш, яги гьал зобал-ракьалги, цогидаб махлукъатги бижийищ кIудияб иш бугеб? хIакълъунго Дица гьел гIадамазул кIудияв эмен Адам вижана гурищ жиб тамахаб, биччараб хIащалдасан?** Гьаб кинабго жо бижарав Алагьасе хварал гIадамал тIаде рахъинаризеги кIола абураб

فَٱسْتَفْتِهِمْ أَهُمْ أَشَدُّ خَلْقًا أَم مَّنْ خَلَقْنَآ ۚ إِنَّا خَلَقْنَٰهُم مِّن طِينٍ لَّازِبٍ ١١

магIна буго гьаб аяталъул.

Инсанасул вижин жиндаса данде гьабураб ункъо аслу буго абуна гIалимзабаца. Ракьги, лъимги, цIаги, гьаваги. Гьал ункъалго аслабазул хис-бас ккеялдалъун загьирлъула инсанасул чорхолъ батIи-батIиял унтаби.

**12. Мун гIажаиблъулев вуго МухIаммад** ﷺ**,** بَلْ عَجِبْتَ وَيَسْخَرُونَ ﴿١٢﴾
гьел мушриказул ахIмакълъиялда, киндай гьез
инкар кколеб абун Аллагьасул ﷻ къудраталда.
**Гьел мун махсароде гьавун дуда тIад релъанхъулел руго** мун жундуца ккун вугин ва дуца гIадалаб хабар бицулеб бугин абун.

**13. Ва дуца жидее вагIза гьабураб мехалъ гьез** وَإِذَا ذُكِّرُوا لَا يَذْكُرُونَ ﴿١٣﴾
**вагIзаги босулеб гьечIо.**

**14. Жидеда мухIканал гIаламатал ва** وَإِذَا رَأَوْا آيَةً يَسْتَسْخِرُونَ ﴿١٤﴾
**мугIжизатал рихьараб мехальги мун**
**махсароде гьави жегиги цIикIкIизабулеб буго.**
Къурайшияздаги бихьун моцI кIиго къотIел лъугьун хъвалхьана, гамачIалъ ва гъветIалъ авараг ﷺ ритIухъ гьавун калам гьабуна. Цингиги гьез иман лъезе гIамал гьабичIо.

**15. Гьез абуна гьаб аварагас гьабураб жо** وَقَالُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُبِينٌ ﴿١٥﴾
**баянабго сихIру гурого гьечIо абун.** Хадубги
гьез абуна:

**16. Ниж хвезеги хун турарал рукьбилъун** أَإِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَامًا أَإِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ﴿١٦﴾
**ва ракьлъун лъугьун хадубги тIадейищ**
**рахъизаризе ругел?**

**17. Ва нижер цересел умумулгийищ тIаде** أَوَآبَاؤُنَا الْأَوَّلُونَ ﴿١٧﴾
**рахъизаризе ругел?- абун.**

**18. Дуца гьезда абе, МухIаммад** ﷺ**, битIараб** قُلْ نَعَمْ وَأَنْتُمْ دَاخِرُونَ ﴿١٨﴾
**буго! Нуж тIаде рахъизаризе руго ва нуж**
**гIодорегIанги гьаризе руго.**

**19. ХIакълъунго гьел хварал тIаде** فَإِنَّمَا هِيَ زَجْرَةٌ وَاحِدَةٌ فَإِذَا هُمْ يَنْظُرُونَ ﴿١٩﴾
**рахъизари гьечIо Исрапил малаикас**
**цохIо нухалъ ссуралъубе пуй гурони – цинги кинабго халкъ тIаде бахъун балагьун чIун букIула.**
Щиб амрудай жидеда тIаде бачIилаян хIинкъун ва хIайранлъун рукIула.

**20.** Цинги гьеб халкъалда бичIчIула щиб къо وَقَالُوا يَا وَيْلَنَا هَٰذَا يَوْمُ الدِّينِ ﴿٢٠﴾
ва щиб бакI гьеб бугеб **ва гьезги абула:**

**«Вай нижее бугеб къварилъи! Гъаб къиямасеб къо буго гурищ** нижер хIисаб-мизан гъабулеб ва нижее жазаъ гъабулеб» - абун. Гъезие жаваб гъабун малаикзабазги абула:

هَٰذَا يَوْمُ ٱلْفَصْلِ ٱلَّذِى كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ﴿٢١﴾

**21. Гъаб бугоха Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **муъминзабиги капурзабиги цоцадаса ратIа гьарулеб къо, дунялалда рукIаго нужеца жиб гьересиги гьабулеб букIараб абун.**
Хадуб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзабазда хитIаб гьабун абула:

۞ ٱحْشُرُوا۟ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ وَأَزْوَٰجَهُمْ وَمَا كَانُوا۟ يَعْبُدُونَ ﴿٢٢﴾

**22. Нужеца данде гьаре киналниги квешал залимзаби ва гьезул капурал руччабиги.** Цоги маг1на гьабуна: Жидер квешаб гIамал цогоял гIадамазул мухъал гьаре: цIогьабазул, зиначагIазул, мехтел гьекъолел чагIазул. **Гьез жидее лагълъи гьабулел рукIарал хъанчалги данде гьаре.**

مِن دُونِ ٱللَّهِ فَٱهْدُوهُمْ إِلَىٰ صِرَٰطِ ٱلْجَحِيمِ ﴿٢٣﴾

**23. Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьабичIого гьезие лагълъи гьабурал. Цинги гьел киналго цадахъ жужахIалде жанире унеб нухда лъе.** Гьезда гьеб нух бихьизе гьабе. Гьеб буго гьел инжит гьарун, х1акъир гьарун абулеб рагIи. Дунялалъул рукъоб гьезда хIакъаб динги битIараб нухги бихьизабидал гьез гьеб босичIо. Гьанже гьезда бихьизабе жал жужахIалде унеб нух, жакъа гьезие рес букIизе гьечIо гьеб нухдаса инчIого.

وَقِفُوهُمْ ۖ إِنَّهُم مَّسْـُٔولُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Нужеца гьел СиратIалда аскIор чIезеги гьаре! Гьезда гьикъизе буго жидеца гьабураб кинабго гIамалалдаса.**
Гьезда бадиб ч1вай гьабун абизе буго:

مَا لَكُمْ لَا تَنَاصَرُونَ ﴿٢٥﴾

**25. «Жакъа щайха нужеца цоцае квербакъи гьабулареб?**
Нужер аллагьзабацаги гьечIо гурищ нужее шапагIат гьабулеб?»-абун.

بَلْ هُمُ ٱلْيَوْمَ مُسْتَسْلِمُونَ ﴿٢٦﴾

**26. Жакъа гьел киналго цIакъ мукIурлъун, мутIигIлъун, кверде рачIун чIун руго.**
Гьезул кIалъазе кIолев чиги гьечIо, дунялалда букIараб чIухIиги гIамал кIодолъиги тIагIун ун буго.

وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَآءَلُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Гьеб жужахIалъе агьлулъун лъугьарал гIадамал цояз цоязда гIайиб чIвазе ва гьикъардизе лъугьула.**

قَالُوٓا۟ إِنَّكُمْ كُنتُمْ تَأْتُونَنَا عَنِ ٱلْيَمِينِ ﴿٢٨﴾

28. Жал нахърилълъун рукIараз жидер церехъабазда **абула:**

**«ХIакълъунго нуж рукIана нижехье рачIулел хIакъаб, битIараб дин бугин абун хабар бицун, ниж гуккун, батIулаб дин гьабизе т1амулел»-абун.** Цоги магIна буго: нужеца къуваталдалъун тIамуна ниж купру-ширк гьабизе - абун.

قَالُوا۟ بَل لَّمْ تَكُونُوا۟ مُؤْمِنِينَ ﴿٢٩﴾

**29. Церехъабаца абула: «Гьедин букIинчIо амру! Нужго рукIана иман лъечIел».**

وَمَا كَانَ لَنَا عَلَيْكُم مِّن سُلْطَٰنٍۭ ۖ بَلْ كُنتُمْ قَوْمًا طَٰغِينَ ﴿٣٠﴾

**30. Нижер щибго къуват-гьунар букIинчIо хIал гьабун нуж ширк гьабизе тIамизе.**

**Нужго рукIана къосараб къавмлъун.**

Гьедин рукIиналъ нужеца нижее жаваб гьабуна ва нужги нижгун цадахъ ккана.

فَحَقَّ عَلَيْنَا قَوْلُ رَبِّنَآ ۖ إِنَّا لَذَآئِقُونَ ﴿٣١﴾

**31. Гьанже нилъ киназдаго хIакълъана нилъер БетIергьан Аллагьасул рагIи: ХIакълъунго нилъее къотIи гьабураб гIазаб хIакълъана ва нилъеца гьеб гIазаб чIамизе буго.**

فَأَغْوَيْنَٰكُمْ إِنَّا كُنَّا غَٰوِينَ ﴿٣٢﴾

**32. Нижеца нуж къосиялде ахIана нижгоги къосарал рукIин сабаблъун.**

فَإِنَّهُمْ يَوْمَئِذٍ فِى ٱلْعَذَابِ مُشْتَرِكُونَ ﴿٣٣﴾

33. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьел киналго къиямасеб къоялъ жужахIалъул гIазабалъулъ гIахьаллъизе руго.**

إِنَّا كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِٱلْمُجْرِمِينَ ﴿٣٤﴾

**34. ХIакълъунго гьединаб жазаъ гьабула Дица киналниги жидеца гIасилъи гьабурал гIадамазе»-абун.**

إِنَّهُمْ كَانُوٓا۟ إِذَا قِيلَ لَهُمْ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ يَسْتَكْبِرُونَ ﴿٣٥﴾

**35. ﴿لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ﴾-абун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавеян абидалго, гьел чIухIулел рукIана Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъезе.**

وَيَقُولُونَ أَئِنَّا لَتَارِكُوٓا۟ ءَالِهَتِنَا لِشَاعِرٍ مَّجْنُونٍۭ ﴿٣٦﴾

**36. Гьез абулеб букIана: «ХIакълъунго нижеца нижер аллагьзабазе гьабулеб лагълъи телищха гьев жундуца ккурав шагIирасул рагIиялъе гIоло»-абун.**

بَلْ جَآءَ بِٱلْحَقِّ وَصَدَّقَ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٣٧﴾

**37. Гьез абулеб рагIи гьереси буго. Гьев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вуго жив хIакъаб диналдалъун вачIарав ва жинца цересел аварагзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIухъ гьарулев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул.**

إِنَّكُمْ لَذَآئِقُوا۟ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَلِيمِ ﴿٣٨﴾

**38. ХIакълъунго нуж руго, я гьал мушрикал, нужеца цIакъ квешаб гIазаб чIамизе бугел**

**гIадамал.**

**39. Гьеб нужее гьабулеб гIазабги букIизе гьечIо нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ гурони.** Цоги чиясул гIамалалъул жазаъ нужее гьабуларо. Нужеца гьабичIеб гIамалалъул жазаъги гьабуларо. وَمَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٣٩﴾

**40. Жидеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабаца чIамизе гьечIо гьеб жужахIалъул гIазаб.** إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿٤٠﴾

**41. Гьел муъминзаби руго жидее хирияб алжаналъул ризкъи букIулел гIадамал.** أُولَٰئِكَ لَهُمْ رِزْقٌ مَّعْلُومٌ ﴿٤١﴾

**42. БатIи-батIиял пихъалги руго гьел алжаназдa ва гьел муъминзабиги цIакъ хира гьарун рукIула,** فَوَاكِهُ وَهُم مُّكْرَمُونَ ﴿٤٢﴾

**43. НигIматазул рукъалъун бугеб алжаналда жанир.** فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ﴿٤٣﴾

**44. Тахазда тIад гIодор чIун, цоцазде данде ритIун рукIула.** Цоцазул гьурмазде ралагьун рохун ва разилъун рукIула. عَلَىٰ سُرُرٍ مُّتَقَابِلِينَ ﴿٤٤﴾

**45. Гьезда тIад алжаналъул хъулухъчагIилъун ругел лъималги хьвадула жадул ц1урал лъалъаралги росун, жиб чвахун унеб жадул г1оралдасан.** يُطَافُ عَلَيْهِم بِكَأْسٍ مِّن مَّعِينٍ ﴿٤٥﴾

**46. ЦIакъ хъахIаб ва жиб гьекъезе бокьулеб букIуна гьеб жа.** Дунялалъул жа гIадаб кьогIаб букIуларо. بَيْضَاءَ لَذَّةٍ لِّلشَّارِبِينَ ﴿٤٦﴾

**47. Гьелда жаниб гIакълу свеpизабулеб ва жинца бетIер унтизабулеб жо букIуларо.** لَا فِيهَا غَوْلٌ وَلَا هُمْ عَنْهَا يُنزَفُونَ ﴿٤٧﴾
Жа абун жинда цIар букIин гуреб, гьеб дунялалъул жаялда релълъараб букIуларо. Гьеб жинца гьекъарав чиясе лазат щвей гуреб щибго рокьукъаб жоги лъугьуларо.

**48. Гьел муъминзабазда аскIор цохIо жидер россабазда гурони жидеца бер балагьуларел, жидер берал гIатIидал ва берцинал руччабиги рукIула.** وَعِندَهُمْ قَاصِرَاتُ الطَّرْفِ عِينٌ ﴿٤٨﴾

**49. ЦIакъ рацIцIадал, кьер хъахIал, жиндир лъелалда (рокъоб) жаниб бугеб луълуалда релъарал рукIула гьел руччаби.** كَأَنَّهُنَّ بَيْضٌ مَّكْنُونٌ ﴿٤٩﴾
Абух1аян абулев г1алимас абуна: Т1адег1анав Аллагьас гьал аятазда (40-49) жаниб бищун щцебе черхалъ лазат босулеб ризкъиялъул бицана, хадуб напсалъе лазатлъун бугеб хира гьари бицана, цинги гьел руссунеб

хирияб бак1 (алжан) бицана. Хадубги цоцазде данделъун, цоцазул гъумер бихьун щолеб лазаталъул бицана, жидее кеп-лазат щвезе гьекъолеб жаялъулги бицана. Ахиралда бищунго инсанасе бокьулеб руччабаздаса лазат босиялъул ва гьезулгун гьабулеб рек1елгъеялъул бицана.

Гьаб кинабго черхалъе ва напсалъе бокьулеб рах1ат-лазаталъул ва ниг1матазул бицун хадуб, алжаналъул агьлуялъ цоцаздехун хабар бицун рек1елгъей гьабиялъул бицун, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абуна:

**50. Гьел муъминзаби цоцазде хабар бицун кIалъалелги рукIула.** فَأَقۡبَلَ بَعۡضُهُمۡ عَلَىٰ بَعۡضٖ يَتَسَآءَلُونَ ۝٥٠

Дунялалда жидер бук1араб ах1вал-х1ал рак1алда щун, гьелъул ниг1матазул ва иман лъеялъул х1асилалъул бицун к1алъалел рук1ула.

**51. Гьезул цояс абула: «Дида цадахъ вукIунев цо гьудул вукIана.** قَالَ قَآئِلٞ مِّنۡهُمۡ إِنِّي كَانَ لِي قَرِينٞ ۝٥١

**52. Гьес абулеб букIана унгого мун битIараб жо бицуневищ вугев?** يَقُولُ أَءِنَّكَ لَمِنَ ٱلۡمُصَدِّقِينَ ۝٥٢

**53. ХIакълъунго нилъ хун хадур тIадейищ рахъизаризе ругел?** أَءِذَا مِتۡنَا وَكُنَّا تُرَابٗا وَعِظَٰمًا أَءِنَّا لَمَدِينُونَ ۝٥٣

**Ракьлъунги, турарал рукьбилъунги лъугьараб мехалъ кин нилъ тIаде рахъизарулел?» - абун.**

**54. Гьев муъминчияс жинда аскIор ругезда абула: «Нужее бокьилищ гьев чиясул щиб хIалдай бугоян абун жужахIалдехун ралагьизе?» - абун.** قَالَ هَلۡ أَنتُم مُّطَّلِعُونَ ۝٥٤

**55. Гьев жужахIалдехун валагьараб мехалъ, гьесда жиндир гьудул вихьана цIадав жанив,** فَٱطَّلَعَ فَرَءَاهُ فِي سَوَآءِ ٱلۡجَحِيمِ ۝٥٥

жиндир черхалда цIа рекIун, бакараб кан гIадин гьеб цIаялъ вухIулев.

**56. Гьев жинда вихьараб мехалъ муъминчияс Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **рецц гьабула ва гьес абула:** قَالَ تَٱللَّهِ إِن كِدتَّ لَتُرۡدِينِ ۝٥٦

**«Таллагьи, дуца дун къосизавизе дагьаб жо хутIун букIана.**

**57. Дир БетIергьан Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нигIмат букIун гурони ва гьес дие иманалда чIезе тавпикъ гьабун гурони, дунги мунгун цадахъ гьеб цIада жанив вукIинаан» - абун.** وَلَوۡلَا نِعۡمَةُ رَبِّي لَكُنتُ مِنَ ٱلۡمُحۡضَرِينَ ۝٥٧

**58.59.** Цинги муъминчияс кIалгьикъи гьабун гьесде абула: **«Гьанжеги абулищха дуца нилъ цо нухалъ хвезе руго, тIокIаб тIаде рахъинги букIине гьечIо, хIисаб-мизанги, алжан-** أَفَمَا نَحۡنُ بِمَيِّتِينَ ۝٥٨ إِلَّا مَوۡتَتَنَا ٱلۡأُولَىٰ وَمَا نَحۡنُ بِمُعَذَّبِينَ ۝٥٩

**жужахIги букIине гьечIо»-абун?**

**60. ХIакълъунго гьаб алжаналъул агьлуялъе Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабураб цIоб-рахIму цIакъ кIудияб лъикIлъи-тIокIлъи буго.** إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ٦٠

**61. Гьаб алжан щвеялъе г1оло гIамал гьабе абе жидеца гIамал гьабулел гIадамаз.** لِمِثۡلِ هَٰذَا فَلۡيَعۡمَلِ ٱلۡعَٰمِلُونَ ٦١

АтI-ТIабари абулев гIалимас жиндир тафсиралда жаниб абуна: гьал аятаз ишара гьабураб къиса буго кIиго бечедав гьудуласул къиса: цояв муъминчи вукIана, цогидав капурчи вукIана. Гьезул гIемераб боцIимал букIана ва кIиясго цадахъ лъугьун даран-базар гьабулеб букIана. Муъминчияс гьеб даран базаралдаса щвараб хайир садакъаде кьолеб букIана, хIалтIудаса эркенаб заманги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялде сверизабулеб букIана. Капурчияс жиндие щвараб хайир ракь босиялде, кIалгIаби раялде ва дунялалъул лазат-кеп босиялде сверизабулеб букIана. Гьев кIиявго данделъараб мехалъ дов капурчияс чIухIун бицулеб букIана жинца босараб ракьалъул ва гьабураб дунялалъул ишалъул. Муъминчиясда гьикъидал дуца щиб гьабураб абун, гьес абулаан: «Дица садакъаде кьуна дие щвараб хайир ва дие алжаналда жаниб букIине буго дуца босаралдасаги лъикIаб ракьги кIалгIаги» - абун. Цинги капурчи гьесда тIад велъанхъулаан ва гьесги абулаан: «Вай гIабдал! нилъ хун хадур тIадейищ рахъизарулел? Гьеб букIунеб жо гуро!» – абун.

**62. Гьал алжаназул нигIматалищха лъикIал ругел** абадиялъго инсанасе жал рукIизе хIадурал: أَذَٰلِكَ خَيۡرٞ نُّزُلًا أَمۡ شَجَرَةُ ٱلزَّقُّومِ ٦٢

лъикIав гьоболас къачIараб бечедаб, сахаватаб гьоболлъиялда релълъун жал ругел, **яги** жужахIалъул агьлуялъул тIагIамлъун бугеб **закъумалъул гъветIищ лъикIаб бугеб?**

**63. ХIакълъунго Дица гьеб закъумалъул гъветI гьабун буго жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва ахираталда иман лъоларел залимзабазе питналъун.** إِنَّا جَعَلۡنَٰهَا فِتۡنَةٗ لِّلظَّٰلِمِينَ ٦٣

Гьел махсароде кколеб жолъун. Мушрикал релъунхъулел рукIана жужахIалда жаниб закъумалъул гъветI букIулин абураб мехалъ ва жидеца абулеб букIана: гьутIби рухIулеб цIеда жаниб гъветI кин бижулеб?- абун. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**64. Гьеб гъветI буго жужахIалъул тIиналдаса эхеде жиб бижун бачIулеб.** إِنَّهَا شَجَرَةٞ تَخۡرُجُ فِيٓ أَصۡلِ ٱلۡجَحِيمِ ٦٤

**65. Гьеб гъветIалда тIад бижулеб пихъги цIакъ къабихIаб, щайтIабазул бутIрузда** طَلۡعُهَا كَأَنَّهُۥ رُءُوسُ ٱلشَّيَٰطِينِ ٦٥

**рельлъараб буго:**
кутакалда ракъун рукIун гьеб кваназе абун лъугьула жужахIалъул агьлу, гьелъул кьогIлъиги махIцинги гучаб батун, гьезда гьеб кваназе кIоларо.

**66. ХIакълъунго жидеца гьеб пихъ кванан жидер чехь цIезе гьабула,** فَإِنَّهُمْ لَآكِلُونَ مِنْهَا فَمَالِـُٔونَ مِنْهَا ٱلْبُطُونَ ﴿٦٦﴾
чара тIагIиялъ гьеб кваначIого чIезе кIоларо жидеда.

**67. Цинги гьеб закъумалъул кьогIлъиялъ къеч гьалаг гьабураб мехалъ, гьезие хIамим кьола гьелда тIад гьекъезе.** ثُمَّ إِنَّ لَهُمْ عَلَيْهَا لَشَوْبًا مِّنْ حَمِيمٍ ﴿٦٧﴾
Жинца жаниб бугеб кинабго жо бухIулеб, гьалдезабулеб жужахIалъул лъим буго гьеб. Гьеб хIамим жужахIалъул кIалтIа буго абуна гIалимзабаз.

**68. Цинги гьел жужахIалде жанир руссизарула** ثُمَّ إِنَّ مَرْجِعَهُمْ لَإِلَى ٱلْجَحِيمِ ﴿٦٨﴾ ва тIокIаб жидее гьениса къватIире рахъин букIуларо.
Абу СугIудица абуна: гьеб закъумги хIамимги буго гьезие жужахIалде жанир лъугьулеб мехалъ гьабулеб гьоболлъи-абун. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалда буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нуж Аллагьасдаса* جَلَّ جَلَالُهُ *хIинкъа тIубараб хIинкъиялъ! Закъумалъул цо къатIра тIинкIизабуни дунялалъул ральдалъе, гьелъ кинабго дунялалъул рухIчIаголъиялъул гIумру хвезабилаан гьеб лъим хвезе гьабиялдалъун. Гьеб закъум жиндир тIагIамлъун букIулев чиясул хIал кинха букIинеб?»* – абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.
Жинда Аллагь разилъаяв Абуумамат ал-Багьилиясдаса бицараб хIадисалдаги буго: Аллагьасул свлат салам лъеяв аварагас абулеб букIана: *«ЖужахIалъул агьлуялда хIамим гIагар гьабула ва гьелъул бухIиялъ гьезул гьумералъул ва бетIералъул тIом гIодобе бортун уна. Гьеб лъим гьекъараб мехалъ кинабго ургьимесги бухIун, биун нахъаса къватIибе бачIула»* - абун. Х1адис ибну Абих1атимица бицана.

**69. ХIакълъунго гьел мушриказда жидер умумул ратана жал къосараллъун.** إِنَّهُمْ أَلْفَوْا۟ ءَابَآءَهُمْ ضَآلِّينَ ﴿٦٩﴾

**70. Цинги гьел жидер умумузул нухда ине гIедегIулел руго.** فَهُمْ عَلَىٰٓ ءَاثَـٰرِهِمْ يُهْرَعُونَ ﴿٧٠﴾
Гьез пикру гьабулеб гьечIо дозул дин ва нух битIарабищ букIараб яги батIулабищ букIараб.

**71. Гьаб дур умматалда цереги гIемерал умматал рукIана, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жал** وَلَقَدْ ضَلَّ قَبْلَهُمْ أَكْثَرُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٧١﴾

**къосарал ва жидеца купру-ширк гьабулел.**

**72. ХІакълъунго, Дица гьездаги аварагзаби ритІана гьезие хІинкъи кьолеллъун.** وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا فِيهِم مُّنذِرِينَ ﴿٧٢﴾

Амма гьез аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна.

**73. Мун валагьеха, МухІаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, киндай ккана гьел жидехъе аварагвитІарал ва гьев гьереси гьавурал къавмазул ахир абун.** فَٱنظُرۡ كَيۡفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلۡمُنذَرِينَ ﴿٧٣﴾

Дица гьел гьалаг гьаруна ва гьел хадусел умматазе вагІзалъун хутІана.

**74. Жидеца купру-ширк гьабичІел, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гІибадат бацІцІад гьабурал муъминзаби гьалаг гьаричІо Дица.** إِلَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلۡمُخۡلَصِينَ ﴿٧٤﴾

**75. ХІакълъунго жиндир къавмалъ исламияб дин къабул гьабичІеб мехалъ НухІ аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُДида ахІи бана.** وَلَقَدۡ نَادَىٰنَا نُوحٞ فَلَنِعۡمَ ٱلۡمُجِيبُونَ ﴿٧٥﴾

**Дун цІакъ лъикІав вуго дида ахІарасе жаваб кьезе.**

**76. Дица НухІ авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُва гьесул иман лъураб агьлуги хвасар гьабуна тІупаналдалъун гъанкъиялдаса ва кІудияб пащманлъиялдаса.** وَنَجَّيۡنَٰهُ وَأَهۡلَهُۥ مِنَ ٱلۡكَرۡبِ ٱلۡعَظِيمِ ﴿٧٦﴾

**77. Дица гьев НухІил عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ зурриятги гьабуна нахъе хутІулеблъун.** وَجَعَلۡنَا ذُرِّيَّتَهُۥ هُمُ ٱلۡبَاقِينَ ﴿٧٧﴾

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугІаббасица абуна: НухІ аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُазарго сон гІагарун заманаялъ дагІват гьабураб мехалъ гьесда иман лъурав ва гамида рекІарав ункъого гІадав чи вукІана. Гамидаса гІодоре рещтІун хадуб НухІил лъабго вас: Сам, ХІам, Яфис лъугьана ракьалда тІад бижараб халкъалъул аслулъун.

**78. Дица НухІ аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ лъикІаб бицен тана хадусел умматазе.** وَتَرَكۡنَا عَلَيۡهِ فِي ٱلۡأٓخِرِينَ ﴿٧٨﴾

**79. Аллагьасул салам буго НухІ аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кинабго заманаялъ ва киналго умматазулъ.** سَلَٰمٌ عَلَىٰ نُوحٖ فِي ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٧٩﴾

**80. ХІакълъунго Дица гьединаб лъикІаб жазаъ гьабула жидеца иман лъун лъикІаб гІамал гьабурал муъминзабазе.** إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجۡزِي ٱلۡمُحۡسِنِينَ ﴿٨٠﴾

**81. ХІакълъунго гьев НухІ авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُДир иман лъурал лагъзадеридаса вуго.** إِنَّهُۥ مِنۡ عِبَادِنَا ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٨١﴾

**82. НухІ авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ва муъминзаби гамида рекІизарун хвасар гьарураб мехалъ нахъе** ثُمَّ أَغۡرَقۡنَا ٱلۡأٓخَرِينَ ﴿٨٢﴾

**хутIарал капурзаби Дица тIупаналдалъун гъанкъизаруна.**

Гьезул щивго чи ч1аго хут1ич1о. Хадусел умматазе вагIза-насихIатлъун хутIана гьеб НухIил عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къавм.

**83. ХIакълъунго гьев НухI аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ нухалда вугездаса вукIана Ибрагьим аварагги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ.** ۞ وَإِنَّ مِن شِيعَتِهِۦ لَإِبۡرَٰهِيمَ ﴿٨٣﴾

Жинца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде халкъ ахIулев, купру-ширкалдаса гьел нахъчIвалев, хадусел умматазе жиндир дин аслулъун ва нухлъун хутIарав.

ГIалимзабаца абуна НухI ва Ибрагьимида гьоркьоб кIиазаралда щунусго гIадаб сон букIанилан. Гьев кIиясдаго гьоркьов Гьуд ва ССалихI аварагзабиги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рукIанин абуна. Гьел киназдаго Аллагьасул свалат салам лъеги.

**84. Дуца рак1алда щвезабе я гьав авараг, гьев Ибрагьим عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жиндир БетIергьан Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ бацIцIадаб, щаклъи гьечIеб иман лъураб ракIалдалъун вачIара г1уж.** إِذۡ جَآءَ رَبَّهُۥ بِقَلۡبٖ سَلِيمٍ ﴿٨٤﴾

**85. Ибрагьимица жиндир инсуда ва къавмалда абураб гIуж рехсе нужеца щиб жоялъе бугеб лагълъи гьабулеб? Абун.** إِذۡ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوۡمِهِۦ مَاذَا تَعۡبُدُونَ ﴿٨٥﴾

**86. Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ живго тун гьересиял аллагьзабийищ кколел ругел жидее лагълъи гьабулел жаллъун?** أَئِفۡكًا ءَالِهَةٗ دُونَ ٱللَّهِ تُرِيدُونَ ﴿٨٦﴾

**87. Нужеда ракIалда щиб кколеб гьаб кинабго гIалам жинца бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ?** فَمَا ظَنُّكُم بِرَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٨٧﴾

Нужеца жиндие гьабизе хIакъаб гIибадат хъанчазе гьабураб мехалъ гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гIазаб гьабиларо абунищ нужеда кколеб?»-абун.

**88. Цинги Ибрагьим зобалазда ругел цIвабзаздехун валагьана, жинца пикру гьабулеб валагьиялъ.** فَنَظَرَ نَظۡرَةٗ فِي ٱلنُّجُومِ ﴿٨٨﴾

**89. Хадуб гьес къавмалда абуна: «ХIакълъунго, дун унтизехъин вуго –** فَقَالَ إِنِّي سَقِيمٞ ﴿٨٩﴾

дун нужгун цадахъ нужер байрамалде вачIилароян»-абун. Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагасе бокьун букIана жиндир къавмалъул хъанчал рек-рекун разе. Гьеб къавмалъул байрам къо тIаде щун букIана ва гьезул гIадат букIана киналго цадахъ рахъун гIалахалде

унеб ва гьениб байрамалда рукIунеб. Гьеб къавм букIана цIвабзазде балагьун гьездаса хабар бицулеб ва пал тIамулеб. Жиндир къавмалъ гьабулеб гIамал гьабун, гьезие уйилан ккезе абуна Ибрагьимица дун метер унтизе вугин, гьеб жо дида цIвабзаца абулеб бугин абун.
Гьеб къавм гьанжеги загьирлъун буго, гьез гIемераб маргьуги бицулеб буго ва гьезда божулел бусурбаби абун ругел гIадамалги руго.

**90. Цинги гьесул къавм, гьевги живго тун жидерго байрамалде ана.** فَتَوَلَّوْا عَنْهُ مُدْبِرِينَ ۝٩٠

**91. Гьеб къавм арабго Ибрагьим** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гIедегIана гьезул аллагьзабазухъе, ва жинца гьел хъанчазде абуна: нужеца гьаб тIагIам щай кваналаребан абун.** فَرَاغَ إِلَىٰ آلِهَتِهِمْ فَقَالَ أَلَا تَأْكُلُونَ ۝٩١

Гьезие назру гьабураб тагIам букIана мушрикаца гьезда аскIоб лъун. Хъанчаца щибго жаваб кьечIеб мехалъ Ибрагьимица абуна:

**92. «Нуже бугеб щиб, нуж кIалъалаги гьечIо гурищ?»-абун.** مَا لَكُمْ لَا تَنْطِقُونَ ۝٩٢

Гьеб буго Ибрагьимица عَلَيْهِ السَّلَامُ хъанчал махсароде ккун бицулеб хабар. гьесда лъалеб букIана гьел хъанчал рукIин щибго жидер гьунар гьечIел, жидеда щибго бихьуларел, рагIуларел, рухI гьечIел ясикIаби.

**93. Цинги Ибрагьим аварагас** عَلَيْهِ السَّلَامُ жинца цадахъ босараб гIащтIи **къуваталда, кваранаб кверalъ кьабана гьел хъанчазда.** فَرَاغَ عَلَيْهِمْ ضَرْبًا بِالْيَمِينِ ۝٩٣

Рек-рекун гьел хъанчалги ран, гьезул бищун кIудияб хъанчалъул габуралда гIащтIиги дализабун Ибрагьим вугеб мехалъ,

**94. ЦIакъ гIедегIун гьесул къавм Ибрагьимиде** عَلَيْهِ السَّلَامُ **аскIоре рачIана.** فَأَقْبَلُوا إِلَيْهِ يَزِفُّونَ ۝٩٤

Цоги аяталда баян гьабун буго Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьеб бакIалдаса нахъе ун вукIин ва жидер хъанчал рекун ратараб мехалъ гьез Ибрагьим гьеб бакIалдеги вачун гьесда кIал гьикъи гьабун букIин: «Дуца нижер аллагьзаби щай хвезарурал?» - абун.

**95. Ибрагьимица абуна: «Нужеца лагълъи нужерго квераз гьарурал хъанчазейщ гьабулеб бугеб?** قَالَ أَتَعْبُدُونَ مَا تَنْحِتُونَ ۝٩٥

**96. ТIадегIанав Аллагь вуго нужги ва нужеца гьарурал хъанчалги жинца рижарав» - абун.** وَاللَّهُ خَلَقَكُمْ وَمَا تَعْمَلُونَ ۝٩٦

**97. Ибрагьимил къавмалъ абуна: «Гьев Ибрагьимие нужеца цо цIа жаниб** قَالُوا ابْنُوا لَهُ بُنْيَانًا فَأَلْقُوهُ فِي الْجَحِيمِ ۝٩٧

**бакулеб бакI бай.**
**Гьениб жаниб цIаги бакун гьеб гьалаглъараб мехалъ Ибрагьим гьеб цIадаве рехе» - абун.**
Тафсиралъул гIалимзабаз абуна: кинабго заманаялъ капурзабазул ва залимзабазул гIадат буго гIелмияб ва гIакълияб хIужа бачун жал къараб мехалъ, жидехъе хIакъаб дингун вачIарав расуласде данде жидеца къуват хIалтIизабулеб. Ибрагьим аварагасеги عَلَيْهِ السَّلَامُ гьебго зулму гьабизе ургъана гьесул къавм. Гьезул хан Намрузил амруялдалъун цIакъ кIудияб цIаги бакун, кварацаги вухьун Ибрагьим عَلَيْهِ السَّلَامُ ганчIил гIарадаялда жанивги лъун, гьеб цIадаве рехана.

**98. Гьеб къавмалъе бокьун букIана Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ цIадаве рехун вухIизе.** فَأَرَادُوا۟ بِهِۦ كَيْدًا فَجَعَلْنَٰهُمُ ٱلْأَسْفَلِينَ ﴿٩٨﴾
**Амма Дица гьеб къавм цIакъ гIодобегIан гьабуна.** Дица Ибрагьимие цIа гьабуна жинца гьев вухIулареблъун ва квачан хвезе гьавулареблъунги. Жидер мурад тIубачIого, жал гIодорегIанлъун ва хIакъирлъун къавмги хутIана.

**99. Ибрагьимица абуна: «Гьанже дун унев вуго дирго БетIергьан Аллагьасухъе.** وَقَالَ إِنِّى ذَاهِبٌ إِلَىٰ رَبِّى سَيَهْدِينِ ﴿٩٩﴾
**Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун хIакъаб нухда тIовитIизе вуго» - абун.** Жиндир къавмалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавичIеб мехалъ, гьезул макруялдаса гьес жив хвасарги гьавидал, Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир чIужу Саратгун цадахъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун жиндир агьлу ва ватIан тун Шамалдехун ана. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло тIоцебе гьижра гьабурав чи вуго Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ.

100. ВатIан тун, агьлу тун къватIиве индал, Ибрагьимица Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ дугIа гьабуна ва гьес абуна: رَبِّ هَبْ لِى مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿١٠٠﴾
**«Я дир БетIергьан! Дуца дие кье мун цо гьавулеб, дуе гIибадат гьабулеб лъикIаб лъимер» - абун.**

**101. Дица Ибрагьимида عَلَيْهِ السَّلَامُ рохелги бицана дуе гьавизе вугин цIакъ х1алимав вас.** فَبَشَّرْنَٰهُ بِغُلَٰمٍ حَلِيمٍ ﴿١٠١﴾
Гьев вас кIудияв гIун балугълъиялде вахизе вуго ва дуда гурхIел-рахIму бугевги вукIизе вуго. Гьев жиндалъун рохел бицарав вас ИсмагIил авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго, гIарабиязул эменлъун жив вугев, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив хъвеялдалъун Ибрагьимиде амру гьабурав ва гьеб амруялъе инкар тун

жив мутIигIлъарав.

**102. Гьев вас вахараб мехалъ Ибрагьимгун цадахъ хьвадулеб гIужалде,** гьев вахун вукIана анцIила кIиго-анцIила лъабго соналда, **Ибрагьимица абуна: «Я дир вас! ХIакълъунго дида макьилъ бихьана дица мун хъолев вугин абун.**

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ ٱلسَّعْىَ قَالَ يَٰبُنَىَّ إِنِّىٓ أَرَىٰ فِى ٱلْمَنَامِ أَنِّىٓ أَذْبَحُكَ فَٱنظُرْ مَاذَا تَرَىٰ ۚ قَالَ يَٰٓأَبَتِ ٱفْعَلْ مَا تُؤْمَرُ ۖ سَتَجِدُنِىٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلصَّٰبِرِينَ ﴿١٠٢﴾

**Мунго ургъеха щиб гьабундай лъикI абун.** Ибрагьимица васасда жиндирго макьу бицана гьесул хIалбихьи гьабизеги, жив гьеб амру тIубазе хIадуризеги ва ИсмагIилие бигьаяб букIизеги жинда тIад бачIараб амруялда сабру гьабизе. **ИсмагIилица абуна: «Я дир эмен! Дуца тIубазабе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуда амру гьабураб иш. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хъван батани дуда дун ватизе вуго цIакъ жидеца сабру гьабулел гIадамаздаса» - абун.** Гьаб буго цIакъ берцинаб жаваб. Гьелда жаниб гIелмуги, гIакълуги, хIелмуги буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда разилъиги буго, инсул амруялда мутIигIлъиги буго.

**103. Эменги васги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялъе мутIигIлъараб мехалъ ва Ибрагьимица ИсмагIил гьумералда вегизавун гIодов лъураб мехалъ,**

فَلَمَّآ أَسْلَمَا وَتَلَّهُۥ لِلْجَبِينِ ﴿١٠٣﴾

**104. Дица гьесде ахIана: «Я Ибрагьим!**

وَنَٰدَيْنَٰهُ أَن يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ ﴿١٠٤﴾

**105. ХIакълъунго дуца ритIухъ гьабуна дуда бихьараб макьу.**

قَدْ صَدَّقْتَ ٱلرُّءْيَآ ۚ إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٠٥﴾

Дуца хъвезе абун вегизавуна дуе хирияв, дур цохIого вугев вас. Гьеб буго мун Дир амруялъе мутIигIлъи ва Дие гьеб гIезе буго. Гьев вас хъвей Дица дуда тIаса босана. **Гьединаб жазаъ гьабула Дица Дие мутIигIал ва жидеца Дун разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе.**

**106. ХIакълъунго гьаб иш букIана цIакъго кIудияб ва баянаб хIалбихьи.**

إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْبَلَٰٓؤُا۟ ٱلْمُبِينُ ﴿١٠٦﴾

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир Халиллъун (вокьулев) гьавурав Ибрагьимил хIалбихьи гьабуна гьесул халиллъун вугев вас ИсмагIил عَلَيْهِ السَّلَامُ хъве абун амру гьабун. Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир БетIергьан Аллагьасул амру тIаса бищана ва гьев разилъи тIалаб гьабун жиндие хирияв вас хъвезе разилъана.

**107. Дица ИсмагIил عَلَيْهِ السَّلَامُ хвасар гьавуна алжаналъул цIакъ кIудияб**

وَفَدَيْنَٰهُ بِذِبْحٍ عَظِيمٍ ﴿١٠٧﴾

**куйги кьун.**

**108. Гьев Ибрагьим аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **берцинаб биценги нахъе хутIизабуна киналго умматазулъ.** وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ﴿١٠٨﴾

Киналго диназда жанив Ибрагьим аварагعَلَيْهِ السَّلَامُ жив вецарав ва жинда нахърилълъулев вуго.

**109. Дир рахъалъан салам буго Ибрагьимида, гьев хира гьавураб ва кIодо гьавураб.** سَلَامٌ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ ﴿١٠٩﴾

**110. Гьединаб жазаъ гьабула Дица жидеца лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе.** كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿١١٠﴾

**111. ХIакълъунго гьев Ибрагьим авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **вукIана Дир муъминал лагъзадеридаса.** إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١١﴾

Иманалъулъ жив камилав ва хIалхьарав.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьимил عَلَيْهِ السَّلَامُ ва ИсмагIилил عَلَيْهِ السَّلَامُ хIакъалъулъ халатал ва берцинал къисаби руго. Дица гьел хъвачIого тана гьезул бицен батIи-батIияб букIун ва мухIканлъи киб бугеб лъачIого. Гьав жив хъвезе амру гьабурав вас ИсхIакъ عَلَيْهِ السَّلَامُ вукIанаян абулелги г1алимзаби руго ва гьезулги жидер рагIиялъе далилал руго.

**112. Ибрагьим аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **Дица жегиги рохел бицана дуе ИсхIакъ абун цIар бугев вас гьавизе вугин абун.** وَبَشَّرْنَاهُ بِإِسْحَاقَ نَبِيًّا مِنَ الصَّالِحِينَ ﴿١١٢﴾

**Жив авараглъун вукIунев ва лъикIал гIадамаздасаги вукIунев.**

**113. Дица дунялалъул ва диналъул амруялъулъ баракат гьабуна ИсхIакъие** عَلَيْهِ السَّلَامُ **ва Ибрагьимие** عَلَيْهِ السَّلَامُ**.** وَبَارَكْنَا عَلَيْهِ وَعَلَىٰ إِسْحَاقَ ۚ وَمِنْ ذُرِّيَّتِهِمَا مُحْسِنٌ وَظَالِمٌ لِنَفْسِهِ مُبِينٌ ﴿١١٣﴾

**Гьезул зурриялдаса руго лъикIал муъминзаби ва аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **. Гьединго купру-ширкалдалъун жидер напсалъе зулму гьабулелги руго.**

ЛъикIал гIадамазул квешаб зуррият букIин гьел гIадамазул гIайиблъун букIуларо. Киналго умматазул рукIана аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ иман лъечIел гьезул умумул, яги гьезул васал. Гьаб мисал буго лъикIал муъминзабазул квешал лъимал рукIиналъулги. Гьеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIикматалдалъун бугеб иш: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие рокьарал гIадамазул хIалбихьи гьабула батIи-батIиял хIалаздалъун. Лъимал хъизаналдалъун хIалбихьи гьаби буго гьел лъимал квешал лъугьин. Гьелдалъун жидее рекIел бакъвай букIизе ва гьелда сабро гьабун ажроги букIизе.

Жидер щибго гьунар гьечIеблъиги гьел муъминзабада бичIчIизе. Цониги инсанасе бокьуларо жиндир лъимер квешаб букIизе. Гьесул

хІал кІолеб букІарабани жинца гьеб лъимер цІакъ лъикІаб тарбия кьун гьелда чІезабилаан. Кинниги Аллагьас ﷻ лъикІал чагІазул лъимал квешалги гьарула, квешал гІадамазул лъимал лъикІалги гьарула. Гьелда жаниб БетІергьанасул хІикматги букІула.

**114. ХІакълъунго Дица цІоб-рахІму гьабуна Муса ва Гьарун аварагасдаги** عَلَيۡهِمَا ٱلسَّلَامُ**.** وَلَقَدۡ مَنَنَّا عَلَىٰ مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ﴿١١٤﴾

**115. Дица гьев кІиявгоги ва гьезул къавмги хвасар гьабуна цІакъ кІудияб къварилъиялдаса.** وَنَجَّيۡنَٰهُمَا وَقَوۡمَهُمَا مِنَ ٱلۡكَرۡبِ ٱلۡعَظِيمِ ﴿١١٥﴾

Бануисраилал хвасар гьаруна пиргІавнил къавмалъул зулмуялдаса: гьезул лагълъиялдаса ва гьез васал чІван ясал лагъзаллъун гьариялдаса хвасар гьаруна.

**116. Дица Муса аварагасе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **ва Бануисраилазе квер бакъи гьабуна ва гьел пиргІавнил къавм къибтІияздаса бергьана.** وَنَصَرۡنَٰهُمۡ فَكَانُواْ هُمُ ٱلۡغَٰلِبِينَ ﴿١١٦﴾

**117. Дица Мусае ва Гьарунние** عَلَيۡهِمَا ٱلسَّلَامُ **жиб баянаб тІехь Тавратги кьуна, жиндир хІукму баянаб,** жиндир маг1на гъваридаб. وَءَاتَيۡنَٰهُمَا ٱلۡكِتَٰبَ ٱلۡمُسۡتَبِينَ ﴿١١٧﴾

**118. Гьев кІиявго битІараб нухалдаги тІоритІана.** وَهَدَيۡنَٰهُمَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ﴿١١٨﴾

Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гІибадат гьабиялде халкъ ахІулел расулаллъунги гьаруна.

**119. Гьев кІиясулго берцинаб биценги нахъе тана хадусел умматазулъ.** وَتَرَكۡنَا عَلَيۡهِمَا فِي ٱلۡأٓخِرِينَ ﴿١١٩﴾

**120. Аллагьасул** ﷻ **салам ва рахІмат буго Муса ва Гьарун аварагасда** عَلَيۡهِمَا ٱلسَّلَامُ **.** سَلَٰمٌ عَلَىٰ مُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ﴿١٢٠﴾

**121. ХІакълъунго Дица гьадинаб лъикІаб жазаъ гьабула жидеца иман лъун лъикІаб гІамал гьабулел муъминзабазе.** إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجۡزِي ٱلۡمُحۡسِنِينَ ﴿١٢١﴾

**122. ХІакълъунго Гьев кІиявго вуго дир иман камилал лагъзадеридаса.** إِنَّهُمَا مِنۡ عِبَادِنَا ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿١٢٢﴾

**123. ХІакълъунго Ильяс** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **вуго Дица расулаллъун ритІарал гІадамаздаса.** وَإِنَّ إِلۡيَاسَ لَمِنَ ٱلۡمُرۡسَلِينَ ﴿١٢٣﴾

Гьев вуго Ильяс ибну Ясин, Гьарун аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ лъималазул чилъун жив вугев.

**124. Гьев Ильясица** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир къавмалда абуна: «Нуж Аллагьасдаса** ﷻ إِذۡ قَالَ لِقَوۡمِهِۦٓ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٢٤﴾

**хIинкъуларищ?**

**125. Нужеца БагIло абулеб хъанчалъе лагълъийищ гьабулеб, жинца кинабго махлукъ берцинго ва мух1канго бижарав Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **живго тун.** أَتَدْعُونَ بَعْلًا وَتَذَرُونَ أَحْسَنَ ٱلْخَٰلِقِينَ ﴿١٢٥﴾

**126. ТIадегIанав Аллагь вуго нужерги ва нужер умумузулги БетIергьанлъун жив вугев»-абун.** ٱللَّهَ رَبَّكُمْ وَرَبَّ ءَابَآئِكُمُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿١٢٦﴾

**127. Гьеб къавмалъ Ильяс авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьавуна.** فَكَذَّبُوهُ فَإِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ﴿١٢٧﴾

**ХIакълъунго гьеб къавм жужахIалде жаниб лъугьизабун буго.**

**128. Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзаби хут1изег1ан гьел лъугьизаричIо жужахIалда жанир.** إِلَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلْمُخْلَصِينَ ﴿١٢٨﴾

**129. Гьев Ильяс аварагасулги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **берцинаб бицен нахъе тана дица хадусел умматазе.** وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِى ٱلْءَاخِرِينَ ﴿١٢٩﴾

**130. Дир салам ва кIодо гьави буго Ильяс аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьесул агьлуялда.** سَلَٰمٌ عَلَىٰٓ إِلْ يَاسِينَ ﴿١٣٠﴾

**131. ХIакълъунго гьадинаб жазаъ гьабула Дица Дир лъикIал лагъзадерие.** إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿١٣١﴾

**132. ХIакълъунго гьев Ильясги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **вукIана Дир иман камилал муъминзабаздаса.** إِنَّهُۥ مِنْ عِبَادِنَا ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٣٢﴾

**133. ХIакълъунго ЛутIги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **вуго Дица аварагзабилъун ритIарал гIадамаздаса.** وَإِنَّ لُوطًا لَّمِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿١٣٣﴾

**134. Дица гьевги кинабго гьесда иман лъураб агьлуги гIазабалдаса хвасар гьаруна.** إِذْ نَجَّيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ﴿١٣٤﴾

**135. Гьесул херай чIужу хутIана жидее гIазаб гьабуразда гьоркьой.** إِلَّا عَجُوزًا فِى ٱلْغَٰبِرِينَ ﴿١٣٥﴾

**136. Цинги Дица ЛутIил** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **къавм гьалаг гьабуна цIакъ квешаб гIазабалдалъун.** ثُمَّ دَمَّرْنَا ٱلْءَاخَرِينَ ﴿١٣٦﴾

Гьезул росаби зобалаздеги рорхун кIалагъоркье сверизаруна. Цинги гьезде тIаде жужахIалъул ганчIалги рана.

**137.138. Нуж унел руго, я гьал къурайшиял, гьезул росаби рукIараб бакIалдаса рогьалил гIужалъ, къасиги, къадги.** وَإِنَّكُمْ لَتَمُرُّونَ عَلَيْهِم مُّصْبِحِينَ ﴿١٣٧﴾ وَبِٱلَّيْلِ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿١٣٨﴾

Нужеда гьел чIунтарал бакIал рихьулел руго, гьениб

бугеб махIцараб лъималъул хIорги бихьулеб буго. **Гьеб ишалъул нужеца пикру гьабуларищ ва гьелдаса гIакълуги босуларищ?** ТIадегIанав Аллагьас нужееги гьединаб гIазаб гьабила абун ракIалдего кколарищ нужеда?

**139. ХIакълъунго Юнусги عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго Дица аварагзабилъун ритIараздаса.** وَإِنَّ يُونُسَ لَمِنَ الْمُرْسَلِينَ ﴿١٣٩﴾

**140. Дуца рехсе гьев Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гIадамазул цIураб гамидаги рекIун жиндир къавмалдаса лъутун араб гIуж.** إِذْ أَبَقَ إِلَى الْفُلْكِ الْمَشْحُونِ ﴿١٤٠﴾

**141. Гьеб гама гъанкъиялда хIинкъун можоро тIамураб мехалъ Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ можороде къана ва гьев ралъдалъе рехана.** فَسَاهَمَ فَكَانَ مِنَ الْمُدْحَضِينَ ﴿١٤١﴾

**142. Цинги гьев кIудияб ччугIаялъ къулчIана, жинда гIайиб чIваравлъунги вукIун.** فَالْتَقَمَهُ الْحُوتُ وَهُوَ مُلِيمٌ ﴿١٤٢﴾

Жинда тIад къараб рисалатги тIубачIого ва БетIергьан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изну гьечIого къавмалда гьоркьоса къватIиве анин абун.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: гьев Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир къавмалда ракI къварилъун къватIиве вахъун вукIана, гьез жив гьереси гьавидал ва жиндир дагIватги босичIелъул. Юнус عَلَيْهِ السَّلَامُ ралъдал рагIалде щвараб мехалъ гьениб гIадамал тIад рекIун ине хIадурараб гама батидал, гьеб гамида тIад рекIана. Цинги цIакъаб гьури бахъун, карачелал кIодолъун гама гIанкъиялда хIинкъи бугеб хIал ккана. Гама бачулел гIадамаз абуна: «Гьаб гамида цо ханасдаса лъутарав лагъ рекIун вуго, гьев чи ралъдалъе рехичIони нилъ киналго гъанкъизе руго» - абун. Цониги чи мукIурлъичIеб мехалъ жив вуго лъутарав лагъ абун, гьез можоро тIамуна ва гьеб можороялъулъ Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ къана ва ралъдалъе рехана. Гьеб хIалалъ жив кIудияб ччугIил чохьонивги ккана.

**143.144. ХIакълъунго гьев Юнус عَلَيْهِ السَّلَامُ жинца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIемер рехсолев, гьесие тасбихI гьабулездаса вукIун гурони, къиямасеб къо чIезегIан гьеб ччугIил чохьонив хутIилаан.** فَلَوْلَا أَنَّهُ كَانَ مِنَ الْمُسَبِّحِينَ ﴿١٤٣﴾ لَلَبِثَ فِي بَطْنِهِ إِلَى يَوْمِ يُبْعَثُونَ ﴿١٤٤﴾

Гьеб ччугIил чехь гьесул хоблъун букIилаан, гьениса къватIиве живги вахъилароан.

Юнус авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ ччугIил чохьонив вукIадгоги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тасбихI гьабун, гьев гIемер рехсон, тавбу гьабун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ хIелана. Юнус аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Мун гурев цоги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьечIо. Мун цIакъ вацIцIадав ва тIадегIанав вуго. Дунги дирго напсалъе

зулму гьабуравлъун вуго»-абун. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесул дугIаялъе жаваб гьабуна, гьесул тавбуги къабул гьабуна.

**145. Дица гьев Юнус عَلَيْهِٱلسَّلَامُ ччугIил чохьониса къватIиве вачун, бухIараб салул авлахъалде рехана ва гьев загIиплъун, унтунги вукIана.** ﴿فَنَبَذْنَهُ بِٱلْعَرَآءِ وَهُوَ سَقِيمٌ ١٤٥﴾

**146. Дица гьесда тIаде хъабахъалъул гъветIги бижизабуна,** гьесие рагIад гьабизе ва гьев рухIчIаголъабазул зараладаса цIунизе. Гьеб хъабахъулъул тIанхал цIакъ кIудиял рукIана, гьелъул рагIадги гьогьен бугеб букIана. Гьеб хъабахъалда аскIоре тIутIалги рачIуларо. Юнус авараг عَلَيْهِٱلسَّلَامُ жиндир хъал тIеренлъун щибго жо хIехьоларев гIадин лъугьун вукIана. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ берцинаб тадбир гьабун гьев Юнус бакъул бухIиялдаса ва тIутIазул зараладаса цIунана. Жив сахлъун хьвадизе кIолев лъугьараб мехалъ, гьев жиндир къавмалъухъе ана. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: ﴿وَأَنۢبَتْنَا عَلَيْهِ شَجَرَةً مِّن يَقْطِينٍ ١٤٦﴾

**147. Цинги дица гьев Юнус авараг عَلَيْهِٱلسَّلَامُ витIана нусазарго чиясда яги гьездасаги цIикIкIарал гIадамазда,** гьел жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде ахIулев расуллъун. Гьел рукIана Мавсилалъул рахъалда бугеб Нинава абулеб бакIалда. ﴿وَأَرْسَلْنَهُ إِلَىٰ مِاْئَةِ أَلْفٍ أَوْ يَزِيدُونَ ١٤٧﴾

**148. Гьез Юнус аварагасда عَلَيْهِٱلسَّلَامُ иман лъуна ва дица гьел чIаго тана жидее цIараб заман щун, щивав жиндир мехалъ хвезегIан.** ﴿فَـَٔامَنُواْ فَمَتَّعْنَهُمْ إِلَىٰ حِينٍ ١٤٨﴾

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб къавмалъе гIазаб гьабиялъул гIаламат загьир гьубараб мехалъ, гьез тавбу гьабуна: киналго цадахъ гIалахалде рахъана жидер лъимал-хъизангун, гIиял, хIайваналги рачун. Гьениб эбел тIинчIалдаса батIа гьабун цоцазде ахIдезе гьабуна, жалгоги дугIа гьабун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гьардана. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьездаса гIазаб нахъчIвана ва гьез иман лъун хадуб гьеб иманги биххизабичIо.

Жидеда аварагзаби рит1арал умматазул гьав Юнус аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ уммат буго жидеда г1азаб т1ад щвей х1акълъараб мехалъ жидеца тавбу гьабурал ва гьеб тавбу биххич1ого иман-исламалда ч1арал.

**149. Дуца къурайшиязул мушриказдаса жаваб т1алаб гьбун гьезда абе, МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, нужеца дир БетIергьан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал ругинищ абулеб, нужеего васал рукIизе бокьулеб мехалъ?** Гьез абулеб букIана малаикзаби Аллагьасул ясал ﴿فَٱسْتَفْتِهِمْ أَلِرَبِّكَ ٱلْبَنَاتُ وَلَهُمُ ٱلْبَنُونَ ١٤٩﴾

ругин абун. Жидеего ясал рукIизе бокъулареб мехалъ, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал ругоян кин гьез абулебан гьикъулеб буго, гьезда бадибчIвай гьабун ва гьез бицулеб жо батIулаб букIин баян гьабун.

**150. Яги Дица малаикзаби ясалллъун рижулеб мехалъ гьел мушрикал гьеб бакIалдайищ рукIарал, гьезда малаикзаби ясал рукIин лъазе?** أَمْ خَلَقْنَا ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ إِنَٰثًا وَهُمْ شَٰهِدُونَ ﴿١٥٠﴾

**151.152. Нуж кантIе, я гьал гIадамал! XIакълъунго гьел мушриказ гьереси бицун абулеб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лъимал ругин абун.** أَلَآ إِنَّهُم مِّنْ إِفْكِهِمْ لَيَقُولُونَ ﴿١٥١﴾ وَلَدَ ٱللَّهُ وَإِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ﴿١٥٢﴾

**XIакълъунго, гьел руго жидеца гьереси бицулел гIадамал.**

**153. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ясалищха тIаса рищизе рукIарал васаздаса?** أَصْطَفَى ٱلْبَنَاتِ عَلَى ٱلْبَنِينَ ﴿١٥٣﴾

**154. Нужеца щай гьединаб хIукму гьабулеб?** مَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ﴿١٥٤﴾
Нужеца ясал васаздаса тIокI гьаруларо гурищ?

**155. Гьаб бицараб жоялдаса вагIза щай нужеца босулареб?** أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿١٥٥﴾
Нужедаго релълъарал гIадамазцин къабул гьабулареб гьересияб рагIи щай нужеца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIунтIизабун абулеб?

**156. Яги нужее баянаб хIужа-далилищ бугеб,** малаикзаби гьесул ясал рук1ин ритIухъ гьабулеб? أَمْ لَكُمْ سُلْطَٰنٌ مُّبِينٌ ﴿١٥٦﴾

**157. Нуж рачIаха гьеб хIужа тIад хъвараб тIехьги босун, нуж битIараб жо бицулел ратани.** فَأْتُوا۟ بِكِتَٰبِكُمْ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿١٥٧﴾

**158. Жегиги гьел мушрикаца Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ малаикзабаздаги гьоркьоб насаб хурхизабуна.** وَجَعَلُوا۟ بَيْنَهُۥ وَبَيْنَ ٱلْجِنَّةِ نَسَبًا ۚ وَلَقَدْ عَلِمَتِ ٱلْجِنَّةُ إِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ﴿١٥٨﴾

**XIакълъунго гьел малаикзабаздаги лъала мушрикал жужахIалде унеблъи.** Амма мушрикал цIакъ ахIмакъаб жо бицулел руго.

**159. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго гьел мушриказ жиндие гьарурал сипатаздаса.** سُبْحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿١٥٩﴾

**160. Жидеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзабаца гьабуларо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ** إِلَّا عِبَادَ ٱللَّهِ ٱلْمُخْلَصِينَ ﴿١٦٠﴾

**мукъсанлъи бачIулеб сипат.**

**161. ХIакълъунго нужги нужеца лагълъи гьабулел алагьзабиги гьечIо,** فَإِنَّكُمْ وَمَا تَعْبُدُونَ ﴿١٦١﴾

**162. иманалда ругел Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъзал къосизаризе кIолеллъун.** مَا أَنتُمْ عَلَيْهِ بِفَاتِنِينَ ﴿١٦٢﴾

**163. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жужахIалде лъугьизарулел гIадамал хут1изег1ан гьел кIола нужеда къосизаризе.** إِلَّا مَنْ هُوَ صَالِ الْجَحِيمِ ﴿١٦٣﴾

164. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъзал рукIиялда мукIурлъун, малаикзабаз абулеб буго **нижедаса щивав малаик вуго щивасе жиндир макъам бугев.** Ниж гьеб макъамалда рекъон мутIигIлъула нижер БетIергьанасе. Нижедаса руго ризкъи босун хьвадулел, цIад ва гьури хьвадизе гьабулел, рухI босулел, вахIю босун рещтIулел ва цогидалги къокъаби. وَمَا مِنَّا إِلَّا لَهُ مَقَامٌ مَّعْلُومٌ ﴿١٦٤﴾

**165. Ниж Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабизе мухъал гьарун чIолел руго,** وَإِنَّا لَنَحْنُ الصَّافُّونَ ﴿١٦٥﴾

**166. Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **кидаго тасбихI гьабулелги руго.** Гьал аятал рещтIизарун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мушриказе баян гьабулеб буго малаикзаби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъзал рукIин, гьесул ясал гьечIеблъи. وَإِنَّا لَنَحْنُ الْمُسَبِّحُونَ ﴿١٦٦﴾

**167. Гьел Маккаялъул мушриказ абулеб букIана** وَإِن كَانُوا لَيَقُولُونَ ﴿١٦٧﴾

**168. нижедеги тIехь рещтIизабун букIараб ани цогидал умматазде рещтIизабураб гIадин** لَوْ أَنَّ عِندَنَا ذِكْرًا مِّنَ الْأَوَّلِينَ ﴿١٦٨﴾

**169. Нижги Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат бацIцIад гьабулездаса рук1илаан-абун.** لَكُنَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿١٦٩﴾

170. Цинги жидехъе хирияв авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вачIараб мехалъ ва гьесда Къуръанги рещтIизабураб мехалъ: **гьез Къуръаналда инкар ккуна. Гьезда нахъа лъазе буго кинаб гIазабдай жидеда щвела абун:** гьеб Къуръан гьереси гьаби сабаблъун, аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мутIигIлъи тей сабаблъунги. فَكَفَرُوا بِهِ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿١٧٠﴾

**171. ХIакълъунго Дица аварагзабилъун ритIарал Дир лагъзадерие, жиб цебего гьабураб къотIи буго** وَلَقَدْ سَبَقَتْ كَلِمَتُنَا لِعِبَادِنَا الْمُرْسَلِينَ ﴿١٧١﴾

**172. ХIакълъунго гьел аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **жидее** إِنَّهُمْ لَهُمُ الْمَنصُورُونَ ﴿١٧٢﴾

**квербакъи гьабизе бугел ругин абун.**

**173. Дир боялги:** дида иман лъурал гIадамалги **капурзабаздаса бергьизе ругин абун.** وَإِنَّ جُندَنَا لَهُمُ ٱلۡغَٰلِبُونَ ١٧٣

Дунялалда хIужа-далилалдалъун бергьизе руго, гъазаваталдаги бергьизе руго. Ахираталда алжаналде жанир лъугьунги бергьизе руго.

**174. Мун гьел мушриказдаса вуссун чIа, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуда амру гьабизегIан гьезда рагъ гьабеян абун.** فَتَوَلَّ عَنۡهُمۡ حَتَّىٰ حِينٖ ١٧٤

**175. Мун валагье, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, гьезда гIазаб щвараб мехалъ щиб хIалдай гьезул букIулаян абун.** وَأَبۡصِرۡهُمۡ فَسَوۡفَ يُبۡصِرُونَ ١٧٥

**Гьезда жидедагоги бихьизе буго кинаб ахир кколеб гьезул купру-ширкалъул.**

**176. Гьез Дир гIазаб хехго бачIиниц тIалаб гьабулеб бугеб?** أَفَبِعَذَابِنَا يَسۡتَعۡجِلُونَ ١٧٦

**177. Гьеб Дир гIазаб жидер азбаралъуб рещтIараб мехалъ цIакъ квешаб къо букIизе бугоха жидее хIинкъи кьолеб букIарал, амма жидеца иман лъечIеб къавмалъе.** فَإِذَا نَزَلَ بِسَاحَتِهِمۡ فَسَآءَ صَبَاحُ ٱلۡمُنذَرِينَ ١٧٧

**178. Мун гьездаса дагьаб мехалъ вуссун чIа, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ.** وَتَوَلَّ عَنۡهُمۡ حَتَّىٰ حِينٖ ١٧٨

**179. Мун гьезда бачIулеб гIазабалде валагье. Гьездаги бихьизе буго кинаб гIазаб жидеде бачIулеблъи.** وَأَبۡصِرۡ فَسَوۡفَ يُبۡصِرُونَ ١٧٩

**180. Дур БетIергьан Аллагь цIакъ вацIцIадав вуго гьел мушриказ гьарулел сипатаздаса.** سُبۡحَٰنَ رَبِّكَ رَبِّ ٱلۡعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ ١٨٠

**Жиндир гуч бергьарав БетIергьанги вуго гьев.**

**181. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ салам ва рахIмат буго гьес халкъалда дин малъизе ритIарал аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ .** وَسَلَٰمٌ عَلَى ٱلۡمُرۡسَلِينَ ١٨١

**182. Ва кинабго рецц ва щукруги тIадегIанав Аллагьасе буго, кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун жив вугев.** وَٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٨٢

Гьеб гIалам жинца бижарав, гьелъул тадбир гьабулев, ахираталдаги

жив цогояв БетIергьанлъун вукIулев. Алжан-жужахIги жиндир мулклъун бугев, лагъзадерие жазаъ гьабиги жиндир хIакълъун бугев. Гьав БетIергьан лъалеллъун нилъ гьарун ругелъул, даимаб щукру ва рецц буго гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жиндие тIубараб ажру щвезе бокьарав чияс цо мажлисалда вукIун гьениса тIад вахъизе бокьараб мехалъ абе:* ﴿سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿١٨٠﴾ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ ﴿١٨١﴾ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٨٢﴾﴾»- абун. Х1адис ибну Абих1атимица бицана. (180-181-182 аятал) Щибаб какда хадуб гьаб рагIи абурав чиясе тIубараб ажру щвелин абурабги хIадисги буго.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату Сса́фа́талъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

ТIолго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 38. Сурату Ссад

سُورَةُ صٓ

*Гьаб суратальъ нилъее баян гьабулеб буго Маккаялъул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул рисалат къабул гьабизе чIухIун, гьесдехун хIалхъублъи гьабун, гьарурал квешал пишаби ва тIадегIанав Аллагьас ﷻ гьезул щибаб рагIи ва гIамал нахъчIван жиндир аварагасда ﷺ рещтIизарурал аяталги. Гьел мушриказда цересел умматазда гIадаб гIазаб рещтIизабун букIарабани, гьез авараг гьереси гьавизе вукIинчIеблъиги бицун буго.*

*Гьел мушрикал жидер инкаралдаса нахъчIвазе сабаблъун, гьезие вагIза-насихIатлъун цересел умматазул цо-цо къисаги бицун буго. Гьел къисаби рициналда жаниб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе рекIелгъейги буго ва жиндир дагIваталда тIад чIезе, жинца мушриказул инкар ва макру хIехьезе ракI къвакIизабиги буго. Аллагьас ﷻ кьураб кIудияб нигIматалда щукру гьабизе кантIизавиги буго.*

*Сураталда жаниб гьединго бицун буго тIадегIанав Аллагьас ахираталда муъминзабазе хIадурун бугеб алжаналъул нигIматазул ва купру-ширкалъул агьлуялъе ва мунапикъзабазе хIадурун бугеб жужахIалъул гIазабалъулги. Гьаб умматалъул кIудияв эменлъун вугев Адам аварагасда عَلَيْهِ السَّلَام ва иблисалда гьоркьоб ккараб хабаралъул бицун буго. Гьеб иблис Аллагьасда ﷻ чIухIи сабаблъун алжаналдаса бачахъараб букIин бицун, нилъее баян гьабулеб буго чIухIи букIин бищунго квешаб сипат ва гьеб чIухIиялъ инсан гьалаг гьавизе бегьулеблъи.*

*Сураталъул ахиралда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул рисалаталъул мурад умматалъухъе Аллагьасул ﷻ дин щвезаби букIин бицун буго, гьеб дин щвезабиялде данде гьес ужра тIалаб гьабунгутIиги бицун буго, гьеб рисалат аварагас ﷺ ургъараб жо гьечIеблъи, тIадегIанав Аллагьасул амру букIин баян гьабун буго.*

*Сураталда цIар лъун буго гьеб жиндалъун байбихьараб «Ссад» хIарпалъул цIаралдалъун.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

صٓۚ وَٱلۡقُرۡءَانِ ذِي ٱلذِّكۡرِ ١

1. **Ссад.**
ТIадегIанав Аллагь вуго жинда лъалевлъун гьеб Ссад хIарп хъваялдалъун бугеб мурад. **Жинца вагIза гьабулеб,** жинда жаниб гIелму-хIикмат бугеб, хирияб **Къуръаналдалъун гьедулев вуго БетIергьан Аллагь** ﷻ**:** гьаб Къуръан жиндир калам буго абун ва хирияв МухIаммадги ﷺ жиндир расул вуго абун.

بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فِي عِزَّةٖ وَشِقَاقٖ ٢

2. **Гьаб амру гьадин бугониги, Аллагьасде** ﷻ **инкар ккурал Маккаялъул мушрикал иман лъезе чIухIун руго ва аварагасда** ﷺ **дагIба-къец гьабун гьесда данде чIун руго,** гьесие къварилъи гьабизе ургъулелги руго. Ва амма гьезул инкаралъ Аллагьасе ﷻ ва аварагасе щибго зарал гьабуларо.

كَمۡ أَهۡلَكۡنَا مِن قَبۡلِهِم مِّن قَرۡنٖ فَنَادَواْ وَّلَاتَ حِينَ مَنَاصٖ ٣

3. **Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна гьединал инкарчагIи гьезда цере рукIарал умматазул ва гьел ахIи бан, кумек тIалаб гьабун зигардулел ва чIвачIвадулел рукIана, гьеб зигараялъ жидее щибго мунпагIат гьабулареб мехалъ.** Дица гIазаб гьабизе къадар гьабураб заман тIаде щвараб мехалъ гьеб гIазаб гьаби нахъбахъуларо, гьеб нахъчIвазе кIолев чиги вукIуларо.

وَعَجِبُوٓاْ أَن جَآءَهُم مُّنذِرٞ مِّنۡهُمۡۖ وَقَالَ ٱلۡكَٰفِرُونَ هَٰذَا سَٰحِرٞ كَذَّابٌ ٤

4. **Маккаялъул мушриказ гIажаиблъи гьабулеб буго жидедаго гьоркьоса чи МухIаммад** ﷺ **Аллагьасул** ﷻ **расуллъун жидехъ вач1иналда. Ва гьесда божичIого, абулеб буго гьав вугин жинца сихIру гьаби лъазабурав ва гьереси бицулев чи абун.**
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жидее бихьизабураб мугIжизаталда гьеб сихIру бугин абуна, гьес жидее Къуръан цIалараб мехалъ гьеб Аллагьасул ﷻ калам гьечIин, гьев МухIаммадица ﷺ гьереси бицунеб бугин абуна, гьес ургъараб жо Аллагьасул ﷻ калам бугиланги абун.
Гьезда цIакъ лъикI лъалебги букIана хирияв хIабиб МухIаммад ﷺ сихIручи гьечIеблъиги, гьереси бицулев гьечIеблъиги. Гьев вукIана жиндаса цониги чиясе къадараб пиша загьирлъичIев, жинда кинацаго божилъи гьабулев, жиндир къадру-къимат гьабулев чи. Гьев жидеде расуллъун витIараб мехалъ гьесдехун хIалхъублъи гьабун

абулеб букIана Маккаялъул мушриказ гьев сихIручи вугин, гьереси бицунев чи вугин абун. ХIакъикъаталда гьел жалго рукIана сихIруги, макруги гьабулел, гьересиги бицулел гIадамал.

5. Гьел мушрикаца абулеб буго: **«Гьав МухIаммадица ﷺ нижер аллагьзаби цохIо Аллагьлъунищ гьарулел ругел? ХIакълъунго, гьеб цIакъ гIажаибаб жо буго» - абун.**

أَجَعَلَ ٱلْـَٔالِهَةَ إِلَٰهًا وَٰحِدًا ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ عُجَابٌ ﴿٥﴾

Дунял-ахираталъул бахьи буголъи жидее щолеб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ва гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялде ахIараб мехалъ, хъанчазе лагълъи гьабун ругьунал, жидер рак1азда жаниб гьел рокьи лъугьарал мушриказда гьеб цIакъ гIажаибаб жолъун бихьана.

Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб бицун, гIалимзабаца абуна гьел мушриказе цIакъ захIмалъана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас хъанчазе лагълъи гьабуге абураб рагIи. Къурайшиязул церехъаби АбутIалибихъе рачIана ва гьез абуна: «Дуца гьав дур вацасул вас нахъчIвай жинца бицунеб гIадалаб хабаралдаса. Гьес нижер аллагьзабазда гIайиб чIвалеб буго, нижер динги какулеб буго, нижги ахIмакъаб иш гьабулел гIадамаллъун рикIкIулел руго» - абун.

Цинги АбутIалибица МухIаммад ﷺ жиндихъего ахIана ва гьесда бицана къурайшиязул церехъабаца жинда абураб жо. Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас абуна: *«Я дир инсул вацI! Дие гьел къурайшияздаса бокьараб жо буго гьез цохIо рагIи аби, гьеб рагIи абиялдалъун жал киналго гIажамиязул ханзабилъун лъугьулеб, цогидал гIарабиялги гьезие мутIигIлъулеб» - абун. Цинги Абу Жагьалица ва гьесул гьалмагълъиялъ абуна: «Ниж разиял руго гьеб цохIо рагIи абизе ва гьелда релълъараб цогиги анцIго рагIиги абизе» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужеца абе «Лаилагьа иллаллагь»-абун. Цинги гьел къурайшиял ццим бахъун, жидер ретIелги кIобокIулаго, тIаде рахъана ва «Гьев чияс нижер аллагьзаби цо Аллагьлъунищ гьарулел ругел?»- абун абулаго къватIире ана.* Х1адис ибну Абих1атимица ва ибну Жаририца бицана.

6. **Къурайшиязул церехъеби аварагасда ﷺ аскIоса нахъе ана ва гьез цоцаздаги абулеб букIана: «Нужеца сабру гьабе нужерго аллагьзабазе лагълъи гьабиялда.**

وَٱنطَلَقَ ٱلْمَلَأُ مِنْهُمْ أَنِ ٱمْشُوا۟ وَٱصْبِرُوا۟ عَلَىٰٓ ءَالِهَتِكُمْ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ يُرَادُ ﴿٦﴾

**Нуж мутIигIлъуге гьев МухIаммадие ﷺ, гьес цо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабе абулеб рагIиялъулъ. ХIакълъунго Гьаб иш**

**буго МухIаммадица ﷺ жиндиего кIодолъи ва ханлъи бокьун ургъараб жо.** Нужер аллагьзабазе лагълъи гьабиги тезабун жиндир Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабе абураб рагIи буго гьеб» - абун.

7. **Нижеда гьаб Аллагь ﷻ цо гьави абураб дин рагIинчIо гьаб ахираб диналда жаниб.**

مَا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِي الْمِلَّةِ الْآخِرَةِ إِنْ هَٰذَا إِلَّا اخْتِلَاقٌ ﴿٧﴾

Гьеб буго насраниязул дин. Гьезги Аллагь ﷻ цо вуго абичIого лъабго жо буго аллагь абула. Цоги гIалимзабаца абуна ахираб дин абураб рагIиялъул магIна буго жидер умумуз гьабулеб батараб дин абураб. **Гьаб буго гьев МухIаммадица ﷺ ургъун бахъараб дин абун.**

8. **Гьев МухIаммадида ﷺ Аллагьас ﷻ тIехьищха рещтIизабулеб нижеда гьоркьоса?**

أَأُنزِلَ عَلَيْهِ الذِّكْرُ مِن بَيْنِنَا ۚ بَلْ هُمْ فِي شَكٍّ مِّن ذِكْرِي ۖ بَل لَّمَّا يَذُوقُوا عَذَابِ ﴿٨﴾

Нижеда гьоркьор руго гьесдаса боцIи-мал гIемерал, къадру кIудиял гIадамал Ниж мустахIикъал руго Аллагьас ﷻ расулаллъун гьаризе ва жиндир калам нижеда рещтIизабизе. **Гьел тIубанго божулел гьечIо Дица МухIаммадида ﷺ рещтIизабураб Къуръан хIакъаб Дир калам букIиналда. Гьезда жеги Дир гIазаб щун гьечIо.** Гьеб гIазаб жидеда чIамизабун букIарабани гьабизе букIинчIо гьез Дир расуласдаги рисалаталдаги инкар.

9. **Гьел къурайшиязул чIухIарал капурзабазда кодобищха бугеб, жиндир гуч бергьарав жинца бокьарав чиясе ханлъиги, бечелъиги ва авараглъиги кьолев дур бетIергьан Аллагьасул хазинабазул ихтияр?** Къурайшиял гьечIо щибго жо жидер ихтияралда бугел гIадамал. Аллагьас ﷻ гьезда гьикъуларо авараглъи лъие кьелеб абун.

أَمْ عِندَهُمْ خَزَائِنُ رَحْمَةِ رَبِّكَ الْعَزِيزِ الْوَهَّابِ ﴿٩﴾

10. **Яги гьел мушриказейищ бугеб зобал-ракьазулги, гьезда гьркьоб бугеб махлукъаталъулги мулк ва ханлъи? Гьеб ханлъи жидехъ батани, гьел зобалазде тIаде рахун** ва жидеца гьеб махлукъаталъул **тадбирги гьабе абе!** ГьечIо гьезие гьеб зобал-ракьалъул ханлъи ва гьезда кIоларо махлукъаталъе тадбир гьабизе.

أَمْ لَهُم مُّلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ فَلْيَرْتَقُوا فِي الْأَسْبَابِ ﴿١٠﴾

11. **Гьел цIакъго дагьал гIадамал руго аварагасде дандечIей гьабулел ва дагьабго**

جُندٌ مَّا هُنَالِكَ مَهْزُومٌ مِّنَ الْأَحْزَابِ ﴿١١﴾

**заманаялдаса жал къезаризе ругел ва мугъ бан лъутизе ругел.** Дуца гьез бицунеб рагIиялъул кIвар гьабуге, МухIаммад ﷺ, ва дуда тIад къараб хIалалъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат умматалъухъе щвезабе!

كَذَّبَتۡ قَبۡلَهُمۡ قَوۡمُ نُوحٖ وَعَادٞ وَفِرۡعَوۡنُ ذُو ٱلۡأَوۡتَادِ ١٢

**12. Гьал къурайшияздаса цереккунги аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна НухIил къавмалъ, ГIадилазги, пиргIавнил къавмалъги:**

**жинца цIакъ чIахIиял сиял рарав (пирамиды).** Яги жинца гIадамазе гIазаб гьабулев вукIарав гьезул кверазда ва хIатIазда маг1алги чIван, хвезегIан бакъукье рехун тун.

وَثَمُودُ وَقَوۡمُ لُوطٖ وَأَصۡحَٰبُ لۡـَٔيۡكَةِۚ أُوْلَٰٓئِكَ ٱلۡأَحۡزَابُ ١٣

**13. Самудиязги, ЛутIил къавмалъги, гIурччинаб рохьил бетIергьабилъун ругел ШугIайбил къавмалъги гьереси гьаруна аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ .**

**Гьел киналго рукIана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагзабаде عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ данде рахъарал къокъаби.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел киналго гьалаг гьаруна. Гьал къурайшиял гьалаг гьаризеги к1ола Аллагьасда, авараг ﷺ гьереси гьави ва гьесие зарал гьаби течIони.

إِن كُلٌّ إِلَّا كَذَّبَ ٱلرُّسُلَ فَحَقَّ عِقَابِ ١٤

**14. Гьал киналго къокъаби ва умматал жидеца аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарурал рукIана. Гьезие дир гIазаб гьабиги хIакълъана.**

Дунялалъул рукъорго гIазаб гьабун гьалаг гьаруна Дица гьел къокъаби, ахираталдаги гьезие жужахIалъул гIазаб букIизе буго.

وَمَا يَنظُرُ هَٰٓؤُلَآءِ إِلَّا صَيۡحَةٗ وَٰحِدَةٗ مَّا لَهَا مِن فَوَاقٖ ١٥

**15. Гьаб дида инкар ккураб къавмалъе нахъехун бугеб цоги заман гьечIо, МухIаммад ﷺ, Исрапил малаикас цохIо нухалъ ссуралъуб пузегIан мех гурони.**

**Гьеб ссур пузе мех щвараб мехалъ гьеб нахъбахъуларо ва гьеб кIиго нухалъ пуларо,** ай цохIо нухалъ суралъубе пураб мехалъ гIадамал гIакълу-лъай ун гIодор ккола, гьелдаса хадуб букIунеб жоги гьезда лъаларо щивасе жиндир гIамалалда рекъараб хабал гIазаб гьаби гуреб. Къиямасеб къоялъ халкъ тIаде бахъизабизе ссуралъубе пураб мехалъ, киналго тIаде рахъун махIшаралдаги дандеялъула.

Гьаб аяталдаса бичIчIулеб буго ТIадегIанав Аллагьас гьаб Мух1аммад аварагасул ﷺ уммат гIаммаб хIалалъ гьалаг гьабун тIагIизабизе

гьечIеблъи ва къиямасеб къоги гьаб умматалъул гIадамазда тIад чIезе букIин.

**16. Маккаялъул мушрикаца абуна: «Я нижер БетIергьан! Нижее гьабизе бугеб гIазаб гьаб дунялалдаго гьабе, хIисаб-мизан гьабулеб къо щвеладдего цебе» - абун.** وَقَالُواْ رَبَّنَا عَجِّل لَّنَا قِطَّنَا قَبۡلَ يَوۡمِ ٱلۡحِسَابِ ١٦

Гьеб рагIи буго авараг махсароде гьавун, ахират букIиналда божичIого абулеб рагIи.

**17. Дуца сабру гьубе, МухIаммад ﷺ, гьез дуда абулеб рагIиялда ва дуе гьабулеб къварилъиялда.** ٱصۡبِرۡ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَٱذۡكُرۡ عَبۡدَنَا دَاوُۥدَ ذَا ٱلۡأَيۡدِۖ إِنَّهُۥٓ أَوَّابٌ ١٧

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе квербакъи гьабизе буго гьел капурзабазе гIазабги гьабизе буго. **Дуца ракIалде щвезаве Дир лъикIав лагъ Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ. Гьев жиндир диналъулъ цIакъ къуватав вукIана ва жив Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ хIелулев, гьесие гIибадат гьабиялда тIад чIаравги вук1ана.**

Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вук1ана жиндир черх къуватав, жинца хIалтIи гьабулев. Бащадаб сордоялъ т1аде вахъун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулев вукIана. Цо къоялъ кIал ккун, цо къоялъ кIал биччан вукIулевги вукIана. Жинца щукру гьабулев, жиндир сабру кIудиявги вукIана.

**18. ХIакълъунго Дица Давуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ мугIрулги квегъана гьевгун цадахъ жидеца радал-бакъанида тасбихI гьабизе.** إِنَّا سَخَّرۡنَا ٱلۡجِبَالَ مَعَهُۥ يُسَبِّحۡنَ بِٱلۡعَشِيِّ وَٱلۡإِشۡرَاقِ ١٨

**19. ХIанчIиги квегъана Давуд аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ, гьесда аскIоре ракIарун жидеца гьевгун цадахъ тасбихI гьабизе.** وَٱلطَّيۡرَ مَحۡشُورَةٗۖ كُلّٞ لَّهُۥٓ أَوَّابٞ ١٩

Гьел мугIрулги хIанчIиги ва кинабниги махлукъатги тIадегIанав Аллагьасе тасбихI гьабулеб, гьесие мутIигIлъиялда тIад чIараб буго.

**20. Дица Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ханлъиги щула гьабуна:** гьесул боял гIемерал рукIана, къуват-гучги букIана, Дица гьесие квербакъиги гьабулеб букIана. وَشَدَدۡنَا مُلۡكَهُۥ وَءَاتَيۡنَٰهُ ٱلۡحِكۡمَةَ وَفَصۡلَ ٱلۡخِطَابِ ٢٠

**Дица гьесие гIелму-лъайги кьуна авараглъи кьейгун цадахъ. ГIадамазда гьоркьоб битIараб хIукму гьабизе гьунар кьуна. Г1адамазда бичIчIулеб пасихIаб, баянаб кIалъайги кьуна.**

**21. Дуда рагIанищ, МухIаммад ﷺ, цо дагIбадулал къедалда тIасанги рахун Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ масжидалъуре** ۞ وَهَلۡ أَتَىٰكَ نَبَؤُاْ ٱلۡخَصۡمِ إِذۡ تَسَوَّرُواْ ٱلۡمِحۡرَابَ ٢١

**лъугьиналъул хабар?**

Т1адег1анав Аллагьасе гIибадат гьабиялда машгъуллъун, нахъаса нуцIаги рахан Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вугеб мехалъ, къедалда т1асанги рахун гьеспда тIаде лъугьана кIиго дагIбадулав ва гьез жидеда гьоркьоб хIукму гьабеян абуна.

إِذْ دَخَلُوا عَلَىٰ دَاوُودَ فَفَزِعَ مِنْهُمْ قَالُوا لَا تَخَفْ خَصْمَانِ بَغَىٰ بَعْضُنَا عَلَىٰ بَعْضٍ فَاحْكُم بَيْنَنَا بِالْحَقِّ وَلَا تُشْطِطْ وَاهْدِنَا إِلَىٰ سَوَاءِ الصِّرَاطِ ﴿٢٢﴾

**22. Гьел жинда тIаде лъугьараб мехалъ Давуд авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ хIинкъана** цо зарал гьабизе рачIарал гIадамал ругин абун ва гьезда вагъизе хIадурун вукIана. **Гьез абуна: «Мун хIинкъуге! Ниж руго кIиго дагIбадулал, цояв цоясе мукIурлъуларел ва цоцазе зулму гьабулел. Дуца нижеда гьоркьоб битIараб хIукму гьабе ва гьеб хIукмуялъулъ зулмуги гьабуге:** цоясдехун цIай гьабуге, цогидасе бакIлъизабуге. **Дуца ниж тIоритIе битIараб нухда ва хIакъаб хIукмуялда» - абун.**

إِنَّ هَٰذَا أَخِي لَهُ تِسْعٌ وَتِسْعُونَ نَعْجَةً وَلِيَ نَعْجَةٌ وَاحِدَةٌ فَقَالَ أَكْفِلْنِيهَا وَعَزَّنِي فِي الْخِطَابِ ﴿٢٣﴾

**23.** Гьезул цояс абуна: **ХIакълъунго гьав дир гьалмагъасул буго ункъоялда анцIила ичIго гIоркIкIен (лемаг). Дир буго цо гIоркIкIен.**

**Гьас дида абуна гьеб дир лемагги жиндихъе кье абун ва дун гьеб кьезе мукIурги гьавуна-абун.**

قَالَ لَقَدْ ظَلَمَكَ بِسُؤَالِ نَعْجَتِكَ إِلَىٰ نِعَاجِهِ ۖ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ الْخُلَطَاءِ لَيَبْغِي بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَقَلِيلٌ مَّا هُمْ ۗ وَظَنَّ دَاوُودُ أَنَّمَا فَتَنَّاهُ فَاسْتَغْفَرَ رَبَّهُ وَخَرَّ رَاكِعًا وَأَنَابَ ۩ ﴿٢٤﴾

**24. Давуд аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Гьев гьалмагъас дуе зулму гьабун бугоха дур лемаг жиндир лемагазда цадахъ ккезабун. ХIакълъунго г1емерисел боцIи-мал цадахъ бугел гIадамалги жидеца цоцазе зулму гьабулел руго, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел муъминзаби хутIизегIан.**

**Гьединал муъминзабиги цIакъго дагьгурони гьечIо» - абун.**

**Гьаб хIукму гьабун хадуб Давудида عَلَيْهِ السَّلَامُ лъана жинца хIукму гьабиялда жаниб мекъаб жо гьабураблъи.** Ва гьеб мекъаб жо гьабиялде жив тIамураблъи жиндир хIалбихьизе рачIарал гIадамазул хабаралъ. Гьеб мекъаб жо буго дов цояв дагIбадуласул хабаралда гIенеккилелде цебе жинца хIукму гьаби.

**Давуд аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ тавбу гьабун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарана жиндир мунагьал рахче абун ва жив Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ сужда гьабун**

**гIодовеги ккана.** Гьаб аят ц1алидал сужда гьабула. Гьеб суждаялда цIарги буго щукру гьабиялъул сужда абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас «Сурату Ссад» цIалараб мехалъ сужда гьабуна. хадуб жинцаги абуна: «Гьаб сужда жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Давуд аварагас гьабуна тавбу гьабун. Нилъеца гьаб сужда гьабизе буго Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *щукру гьабун»* - абун.

Х1адис имам Аннасаияс бицана.

فَغَفَرْنَا لَهُۥ ذَٰلِكَ ۖ وَإِنَّ لَهُۥ عِندَنَا لَزُلْفَىٰ وَحُسْنَ مَـَٔابٍ ﴿٢٥﴾

**25. Дица Давуд аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **гьеб гъалатI тIаса лъугьун тана. ХIакълъунго Давуд аварагасе** عَلَيْهِ السَّلَامُ **Дида гIагарлъи буго ва берцинаб, тIадегIанаб макъамги буго, ахираталдаги гьесие берцинаб вуссулеб бакIги буго.** Гьебги алжан буго.

Ибнукасирица абуна: Давуд аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ жиндир мунагьал чуре абураб жо букIана дов кIиявго дагIбадулав жинда т1аде лъугьараб мехалъ жинда гьел цо квешлъи гьабизе рачIарал ругин абун ракIалде ккей. Гьеб буго цо гIадамазул хIакъалъулъ квешаб пикру гьабизе бегьуларин абураб рагIи. Муъминзабаца бегьизего бегьуларо цоцазда нахъаса квешаб пикру гьабизе. Муъминзабазул гIамал букIизе ккола диналъул вацасе гIузру бачи, гьесдаса цо квешаб жо бихьаниги гьеб иш гьес бокьун гьабураб буго абун ракIалде ккечIого гьесул гъалатI батила, сагьвиллъун ккун батила аби ва цогиги гIемерал гIузраби рачин.

Гьаб Давуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ва кIиго дагIбадуласул къиса бицулаго, цо-цо гIалимзабаца аварагзабазе عَلَيْهِمُ السَّلَامُ мукъсанлъи бачIунеб жоги бицун буго. Гьаб бакIалда гIемераб бахIс буго тафсиралъул тIахьазда. Дица хъвараб жо буго жинда тIаде щибго рагIи абизе бегьулареб, Къуръаналъул рагIабазда рекъараб магIна.

يَـٰدَاوُۥدُ إِنَّا جَعَلْنَـٰكَ خَلِيفَةً فِى ٱلْأَرْضِ فَٱحْكُم بَيْنَ ٱلنَّاسِ بِٱلْحَقِّ وَلَا تَتَّبِعِ ٱلْهَوَىٰ فَيُضِلَّكَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ ۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَضِلُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌۢ بِمَا نَسُوا۟ يَوْمَ ٱلْحِسَابِ ﴿٢٦﴾

**26. Я Давуд! ХIакълъунго Дица мун гьавуна гьаб ракьалда тIад халипалъун.** ГIадамазе маслихIаталъе, гьезул хIажатал тIуразе, гьел хIакъаб диналда тIоритIизе. **Дуца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабе хIакъаб жоялдалъун.**

**Мун дур гьава-напсалъе бокьараб жоялда нахъвилълъунге. Гьеб напсалъ мун къосизавула хIакъаб диналдаса ва битIараб хIукмуялдаса.**

**ХIакъаб нухалдаса къосарал гIадамазе ахираталда цIакъ гучаб гIазаб букIизе буго, гьезие ахиратги хIисаб-мизанги кIочон бук1ин сабаблъун.** Гьез ахираталда иман лъун букIинчIо. Иман лъун букIараб ани гьез ахираталда батулеб гIамал гьабилаан ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъизе хIинкъилаан.

وَمَا خَلَقْنَا ٱلسَّمَآءَ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا بَٰطِلًا ۚ ذَٰلِكَ ظَنُّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۚ فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنَ ٱلنَّارِ ﴿٢٧﴾

**27. Дица гьал зобалги ракьги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъатги бижичIо гIададисеб, батIулаб жо гьабулевлъун Дун вукIун. Гьеб гIададаго бижараб жо буго абун ракIалде кколеб буго жидеца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамазда. ЦIакъ квешаб жужахIалъул ц1аялъул гIазаб букIизе бугоха гьел капурзабазе.**

أَمْ نَجْعَلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ كَٱلْمُفْسِدِينَ فِى ٱلْأَرْضِ أَمْ نَجْعَلُ ٱلْمُتَّقِينَ كَٱلْفُجَّارِ ﴿٢٨﴾

**28. Дица иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзаби, жидеца ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел рукIарал капурзабазда рельлъун гьарилищха?**
Гьаруларо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабиги капурзабиги цоцазда ращадаллъун. Гьаб дунялалда гьел капурал ва пасикъал гIадамал жидее нигIматал кьун хьихьун ругониги, ахираталда гьезие щибго лъикIлъи букIуларо, муъминзабазе ахираталда алжан ва абадиял нигIматалги рукIула. **Яги Дица Дидаса х1инкъун г1ибадат гьабурал муъминзаби жидеца къабих1ал, инжитал г1амалал гьарулел пасикъал г1адамазда релъун гьарилишха?.**

كِتَٰبٌ أَنزَلْنَٰهُ إِلَيْكَ مُبَٰرَكٌ لِّيَدَّبَّرُوٓا۟ ءَايَٰتِهِۦ وَلِيَتَذَكَّرَ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٢٩﴾

**29. Гьаб дуде рещтIизабураб Къуръанги буго, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жиндилъ баракат бугеб, жиндир къадру кIудияб тIехь.**
**Жинда жанир дунялалъул ва ахираталъул гIемерал лъикIлъаби ругебги буго. Гьаб Къуръан рещтIизабун буго гIадамаз гьалъул аятазул пикру гьабизе ва гIакълудал бетIергьабаз гьелъул вагIза-насихIат босизе.** Ва амма жидер гIакълу гьечIел гIадамазе Къуръаналъул вагIза лъугьуларо, гьел жидерго купру-ширкалда жанир рукIула.

وَوَهَبْنَا لِدَاوُۥدَ سُلَيْمَٰنَ ۚ نِعْمَ ٱلْعَبْدُ ۖ إِنَّهُۥٓ أَوَّابٌ ﴿٣٠﴾

**30. Дица Давуд аварагасе** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Сулейман абун вас кьуна. ЦIакъ лъикIав лагъ вуго гьев Сулейман** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ**.**

ЦIакъ Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда тIад чIарав вуго, **тавбу гьабун Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун хьвадулевги вуго.**

إِذْ عُرِضَ عَلَيْهِ بِالْعَشِيِّ الصَّافِنَاتُ الْجِيَادُ ﴿٣١﴾

**31. Дуца рехсе, МухIаммад ﷺ, гьев Сулейман аварагасда عليه السلام цере бакъанил гIужалъ цIакъ берцинал, лебалал чуял рачIараб гIуж.**

Гьел чуял рукIана жал чIун ругеб мехалъ жидер тIогьисан хIетIеялда рахъун чIолел, нухда унеб мехалъ цIакъ хехго ва берцинго рекерулел. Сулейман авараг عليه السلام гьезул берцинлъиялда балагьун хутIана ва жинца Аллагь ﷻ рехсолеб гIуж тIаса ун батана. Бакъанил как балеб гIуж тIаса ун батанаянги абуна цо г1алимзабаца.

فَقَالَ إِنِّي أَحْبَبْتُ حُبَّ الْخَيْرِ عَن ذِكْرِ رَبِّي حَتَّىٰ تَوَارَتْ بِالْحِجَابِ ﴿٣٢﴾

**32. Сулейманица عليه السلام абуна: «ХIакълъунго дица дунялалъул берцинлъи тIаса бищанаха БетIаргьан Аллагьасе гьабулеб лагълъиялдаса ва дун гьел чуяз машгъул гьавуна бакъ тIерхьизегIан ва гьеб берда бихьулареб лъугьизегIан» - абун.**

رُدُّوهَا عَلَيَّ ۖ فَطَفِقَ مَسْحًا بِالسُّوقِ وَالْأَعْنَاقِ ﴿٣٣﴾

**33. Цингиги Сулейманица абуна: «Нужеца гьел чуял тIад руссизарун дида цере раче!» - абун.**

Гьел чуял жинда цере рачун рачIараб мехалъ **Сулейманица гьезул гарбал ва хIатIал къотIана** ва гьезул гьан пакъирзабазе садакъаде бикьана.

ТIадегIанав Аллагьас гьесие гьел чуязул бакIалда гьездаса гIемерго хехаб ва къуватаб гьури квегъана ва живги жиндир боялги гьеб гьуриялъ бокьараб бакIалде щвезарулел рукIана. Гьаб рагIи буго ХIасанул Басрияс, Ас-судияс ва цогидал гIалимзабаца тIаса бищараб. ИбнухатIибил тафсиралда гьаб рагIиялда цIакъго гIайиб чIван буго ва Сулейман аварагас عليه السلام чуял хьвечIо абулеб буго. Гьес чуязул габуралда ва бохдузда квер бахъана абураб магIна гьабуна цо гIалимзабаца. Гьеб рагIи Ибнужаририца битIараблъун гьабурабги буго.

Ибнукасирица бегьизабуна Сулейман аварагасул عليه السلام бакъанил как бачIого хутIана абураб рагIиги. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасулги хутIана бакъанил как бачIого хандакъалъул гъазаваталда ругеб мехалъ. Гьеб как бокьун яги кIвахIаллъун бачIого тараб гьечIелъул, гьеб буго цо гIузру букIун бачIого хутIараб как, жиндир г1уж инзег1ан, жив рагъул ишалъ машгъул гьавун вук1ун. Аллагьасе ﷻ гIоло ццим бахъи бегьиги, гьедин ццим бахъун чуял хъвезе бегьиги Ибнукасирица мекъаб жолъун бихьизабулеб гьечIо.

ТIадегIанав Аллагь вуго жинда битIараб хIукму лъалев ва кинабго гIелмуги гьев Аллагьасухъ جَلَّجَلَالُهُ буго.

**34. ХIакълъунго Дица Сулейман аварагасулги** عَلَيْهِ السَّلَام **хIалбихьи гьабуна ва гьесул тахалда тIад заг1ипаб жиндилъ рухI гьечIеб хвараб г1адаб къаркъала рехана.**

وَلَقَدْ فَتَنَّا سُلَيْمَٰنَ وَأَلْقَيْنَا عَلَىٰ كُرْسِيِّهِۦ جَسَدًا ثُمَّ أَنَابَ ﴿٣٤﴾

**Гьеб амруялдаса хадуб Сулейман аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **тавбу гьабуна ва Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIибадат гьабиялда тIад чIана.**

Жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъаял Муслимица ва Бухарияс бицараб хIадисалда буго, жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: Аллагьасул аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Цо къоялъ Сулейман аварагас* عَلَيْهِ السَّلَام *абуна, Валлагьи, къаси дун лъабкъоялда анцIго чIужуялда аскIов вегизе вуго ва гьел киназго дие цо-цо вас гьавизе вуго, лебалал чуязда рекIун, Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе гIоло жидеца гъазават гьабулел-абун. Гьес абичIо «Инша Аллагьу» абун. Сулейман авараг* عَلَيْهِ السَّلَام *гьел руччабазда аскIов вегана. Гьезул цо чIужу гурони къинай лъугьинчIо ва гьелъги бащдаб къаркъала бугеб лъимер гьабуна. Дун гьедулев вуго дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *цIаралдалъун, гьев Сулейманица «Инша Аллагьу» абун букIараб ани гьесие лъабкъоялда анцIго вас гьавизе вукIана ва гьез гъазаватги гьабизе букIана»* - абун. Гьаб хIадисалда рехсараб жо бугин абуна Сулейман аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام хIалбихьи гьабураб.

Пахру-Разияс абуна: гьев Сулейман عَلَيْهِ السَّلَام цIакъго унтун загIиплъун, жиндир тахида тIад хварав чиясда релълъун вукIана. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев сах гьавуна ва Сулейманица Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялда т1ад чIейги гьабунаян абун.

ГIалимзабаца рицарал гIемерал батIи-батIиял къисаби руго гьаб бакIалдаги. Гьел ягьудиязул гIалимзабаз ургъарал харбал ругин абуна хIадис-гIелмуялъул гIалимзабаца. Гьел къисабиги дица гьаб бакIалда хъвачIого тана.

**35. Сулейман аварагас** عَلَيْهِ السَّلَام **абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дир мунагьал чуре.**

قَالَ رَبِّ ٱغْفِرْ لِى وَهَبْ لِى مُلْكًا لَّا يَنۢبَغِى لِأَحَدٍ مِّنۢ بَعْدِىٓ ۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلْوَهَّابُ ﴿٣٥﴾

**Дуца дие кье кIудияб ханлъи ва гьунар, дидаса хадуб цоги чиясе жиб букIулареб гIадаб.** Гьеб букIизе дун дур авараг ва дур халипа вукIиналда жинца тIоритIел гьабулеб далиллъун ва мугIжизатлъун. **ХIакълъунго Мун цIакъ цIобал гIатIидав,**

**нигIматал гIемер кьолев вуго» - абун.**

**36. Цинги Дица Сулейман аварагасе** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **гьури кевгъана. Гьеб гьури хьвадулеб букIана Сулейманил амруялдалъун гьесие бокьараб бакIалде.** فَسَخَّرۡنَا لَهُ ٱلرِّيحَ تَجۡرِي بِأَمۡرِهِۦ رُخَآءً حَيۡثُ أَصَابَ ٣٦

**Жиб тамахго, хIеренгоги букIулаан, Сулеймание ва гьесул боязе къварилъи кколареб хIалалъ.**

**37. Гьединго Дица щайтIабиги квегъана Сулеймание, минаби разе ва ралъдалъан жавгьар-якъут ва луълуал рахъизе.** وَٱلشَّيَٰطِينَ كُلَّ بَنَّآءٍ وَغَوَّاصٍ ٣٧

**38. Гьев Сулеймание мутIигIлъичIел щайтIабиги Дица кIи-кIи цадахъ гьарун гудраздалъун ва рахсаздалъун цоцаздаги рухьун туснахъ гьарун чIезаруна.** وَءَاخَرِينَ مُقَرَّنِينَ فِي ٱلۡأَصۡفَادِ ٣٨

39. Цинги Дица Сулейманида абуна: **«Гьаб буго дир рахъалъан дуе бугеб цIакъ кIудияб ва гIатIидаб ханлъи ва гьунар.** هَٰذَا عَطَآؤُنَا فَٱمۡنُنۡ أَوۡ أَمۡسِكۡ بِغَيۡرِ حِسَابٍ ٣٩

Дур дугIаялъе жаваб гьабун, дур ракIалда букIаралдасаги кIудиял нигIматал кьуна дица. **Гьал нигIматаздаса дуего бокьаразе кье ва дуего бокьарал кьечIого те. Гьелъул дуе хIисаб-суал букIизе гьечIо.** Мун вуго Дица дуе кьураб жоялъул тIубараб ихтияр кодоб бугев хан

**40. ХIакълъунго гьав Сулейман аварагасеги** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **дида гIагарлъи, къадру кIодолъи буго ва гьесул ахираталдаги цIакъ лъикIаб жив вуссунеб бакI буго:** нигIматазул алжанал руго. وَإِنَّ لَهُۥ عِندَنَا لَزُلۡفَىٰ وَحُسۡنَ مَـَٔابٍ ٤٠

Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Абубакарил яс ГIаишатица бицараб цо хIадис хъвазе бокьун буго гьаб бакIалда, гьеб хIадис гьаб бахIсалда рекъараб гьечIониги гьелъул берцинаб хабар буго ва, иншаАллагьу гьелъул цо мунпагIатги букIила.

Жинда Аллагь разилъаяв Абусалматица ГIаишатидаса бицана: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Хайбаралъул, яги Табукалъул гъазаваталдаса тIад вуссун вачIана, жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатида ракIалда гьечIеб мехалъ. Гьуриялъ цебе рехараб пардав борхизабун, ГIаишатил ясикIаби лъун ругеб бакI загьир гьабуна. Гьездаги валагьун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб щиб жо бугеб, я ГIаишат?» - абун. ГIаишатица абуна: «Гьал дир ясал руго» - абун. Гьел ясикIабазда аскIоб цо чуялъул суратги букIана, жинда тIад чIартил куркьби (милърал) рукъараб. Аллагьасул свалат*

*салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб щиб жоха бугеб, дида гьел ясазда гьоркьоб бихьулеб?» - абун. Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатица абуна: гьеб чу бугоян. «Гьелда тIад рукъарал жал щалха ругел?» - абун аварагас* ﷺ *гьикъидал, Г1аишатица абуна: «Гьеб кIиго кваркьи буго» - абун. Аллагьасул свлат салам лъеяв авараг гIажаиблъарав гIадин лъугьун гьес абуна: «Чуязда куркьби кин рукIунел?» - абун. Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишатица абуна: дуда рагIичIищ жинда Аллагьасул салам лъеяв Сулейман аварагасул чуял жидер куркьби ругел рукIанаян абун. Цинги хирияв авараг* ﷺ *хьимун велъана, жиндир гIусал рихьулеб хIалалъ.* Х1адис имам Абудавудица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяй Г1аишат ичIго сон тIубарай яс йикIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ячараб мехалъ. Гьей чIартил ясикIаби гьарулей, гьезда рекIелгъей бугей лъимер йикIаниги, гьей ГIайшатидаса бицараб гIемераб хIадис буго гьаб умматалъе нахъе хутIараб. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хун хадубги гьей кIикъогоялдасаги цIикIкIун соназ чIаго йикIиндал, гьелдаса гIемер гIелму босана хIадисалъул гIалимзабаз.

Жий цIодорай, гIакълу камилай йикIун, хирияв аварагасул ﷺ диналъул, дунялалъул, хъизан-рукъалда хурхараб хIалалъул амру гьелда цIакъ лъикI лъалеб букIана ва щиб шаргIияб масъала бугониги гьелда рекъараб, гьеб баян гьабулеб хIадисги гьелъ бицулеб букIана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ гьеб баракат бугеб агьлугун цадахъ тIаде рахъизареги ва гьелгун цадахъ алжаналдеги лъугьизареги. Амин.

**41. Дуца Дир лагь Аюб аварагги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **рехсе, я МухIаммад** ﷺ, дур умматалъе вагIзалъун ва дуе ракI парахалъи, сабру берцинлъи букIизе.

وَٱذۡكُرۡ عَبۡدَنَآ أَيُّوبَ إِذۡ نَادَىٰ رَبَّهُۥٓ أَنِّي مَسَّنِيَ ٱلشَّيۡطَٰنُ بِنُصۡبٖ وَعَذَابٍ ﴿٤١﴾

**Гьев Аюб аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир БетIергьанасда ахIараб гIуж рехсе: «Я дир БетIергьан Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**! ЩайтIаналъ дида къварилъи щвезабун буго,** дир чорхолъ унти ккезабун буго, дир агьлу-хъизаналдаса ва боцIи-малалдаса дун ватIаги гьавун вуго» - абун. Гьев Аюб авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ анцIила микьго соналъ чорхолъ гIузру ккун, захIматго унтун вукIана. Гьеб унтиги цогидаб къварилъиги кинабго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун букIунеб бугониги Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жинда щвараб къварилъи щайтIаналъул рахъалъан бугин абуна ТIадегIанав Аллагьасул адаб гьабун. Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ къиса «Суратул Анбияалда» жаниб дагьаб гIатIидго бицун буго.

**42. Дица гьев Аюбида** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Дуца дур хIетIе гIодобе кьабе» - абун.**

ٱرۡكُضۡ بِرِجۡلِكَۖ هَٰذَا مُغۡتَسَلُۢ بَارِدٞ وَشَرَابٞ ﴿٤٢﴾

Гьес хIетIе гIодоб тункараб мехалъ гьеб бакIалдаса бацIцIадаб лъималъул ицц баккана. **«Гьаб буго дуе черх чуризе ва дуца жиб гьекъезе бугеб цIорораб ва бацIцIадаб лъим» - абун.**

Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьеб лъималъ черх чурараб мехалъ, гьелда тIад букIараб унтиялъул асар тIагIана. Лъим гьекъараб мехалъ чорхолъ жаниб букIараб унта-щокълъиги тIагIана. Г1олохъанлъун, берцинлъун Аюб عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ тIаде вахъана.

**43. Дица гьесие кьуна жиндир букIараб гIадаб агьлу-хъизан ва жегиги гьедигIанаб тIадеги кьуна.**

وَوَهَبْنَا لَهُۥٓ أَهْلَهُۥ وَمِثْلَهُم مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنَّا وَذِكْرَىٰ لِأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٤٣﴾

Гьесул хун рукIарал лъимал чIаго гьаруна абуна цо гIалимзабаца. Цоги гIалимзабаца абуна гьесие баракат бугеб ва гIемераб хъизан кьуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абун. **Гьаб сахлъи кьей ва агьлу-хъизанги, гIемераб боцIи-малги кьей, Аюб аварагасе** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Дир рахьалъан рахIматлъун букIана** гьес берцинаб сабру гьабиялде данде, Дие гIибадат бацIцIад гьабиялде дандеги. **Гьединго гьеб букIана жидер гIакълу бугел гIадамазе вагIза-насихIатлъунги.** Гьезда лъазе къварилъиялда хадуб гIатIилъи букIулеблъиги, сабру гьабурав чиясе бигьалъи щолеблъиги.

**44. Жегиги Дица Аюбида** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Дуца чамастакил гьот1ол пихъ т1ад баккулеб г1аркьел кодобе босе,** жулг1адин жиб бугеб **ва гьеб жулалдалъун дур чIужуялда кьабе.**

وَخُذْ بِيَدِكَ ضِغْثًا فَٱضْرِب بِّهِۦ وَلَا تَحْنَثْ ۗ إِنَّا وَجَدْنَٰهُ صَابِرًا ۚ نِّعْمَ ٱلْعَبْدُ ۖ إِنَّهُۥٓ أَوَّابٌ ﴿٤٤﴾

**Дуца гьедун букIараб гьа хвезе гьабулевлъун вукIунге мун» - абун.**

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ чIужу йикIана анцIила микьго соналъ гьесие хъулухъ гьабун гьесда аскIой чIун. Цогидаб г1агарлъиялъ ва гьудулзабаца гьев рехун тун вукIана. Цо нухалъ щайтIаналъ вас-вас ккезабун гьелъул рекIелъе щаклъи ва сабрухвей рехана ва гьелъ Аюб аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «КидаллъизегIан гьаб гIакъуба-къварилъи дица хIехьезе бугеб?» – абун. Гьелъул сабрухвей бихьараб мехалъ Аюб аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ццим бахъана ва гьес абуна: «Валлагьи, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун сах гьавуни дица дуда нусго тIил кьабичIого толаро!» - абун.

Цоги гIалимзабаца абуна: «Аюб аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва гьей чIужуги ракъун хутIараб мехалъ гьелъ жиндир гъалазул кIиго цIал къотIана ва гьелги ричун кIиго панкъ босун ячIана Аюбихъе. Гьелъ гьабураб иш лъараб мехалъ Аюбица гьадаб гьа гьедана» - абун. Цинги БетIергьан

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьел кIияздаго гурхIел гьабун, гьезда тIаса лъугьана ва Аюб аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام гьа тIубараблъун букIине нусго тIеренаб муцIидал хьоп тIад бугеб жул цо нухалъ жиндир чIужуялда кьабе абун лъазабуна.

**ХIакълъунго Дида гьев Аюб авараг عَلَيْهِ السَّلَام ватана жинца сабру гьабулевлъун. ЦIакъ лъикIав лагъ вуго гьев Аюб عَلَيْهِ السَّلَام. Гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ тавбу гьабун вуссунев ва гьесие гIибадат гьабиялда тIад чIаравги вуго.**

وَٱذۡكُرۡ عِبَٰدَنَآ إِبۡرَٰهِيمَ وَإِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ أُوْلِي ٱلۡأَيۡدِي وَٱلۡأَبۡصَٰرِ ﴿٤٥﴾

**45. Дуца Ибрагьим, ИсхIакъ, ЯгIкъуб аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَام рехсе, МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабизе ва жидеда бачIараб къварилъи хIехьезе къуват букIарал ва жидер рекIелъ иманалъул нур ва хIакъикъияб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъайги букIарал.**

إِنَّآ أَخۡلَصۡنَٰهُم بِخَالِصَةٖ ذِكۡرَى ٱلدَّارِ ﴿٤٦﴾

**46. ХIакълъунго Дица гьал аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَام гьаруна цохIо ахираталъул гурони жидеца кIвар гьабуларел, гьелъие жал гIицIцI гьаруралльун.**

وَإِنَّهُمۡ عِندَنَا لَمِنَ ٱلۡمُصۡطَفَيۡنَ ٱلۡأَخۡيَارِ ﴿٤٧﴾

**47. ХIакълъунго Дида аскIор гьел руго халкъалда тIаса рищаралльун ва гьезул бищунго лъикIаллъун.**

وَٱذۡكُرۡ إِسۡمَٰعِيلَ وَٱلۡيَسَعَ وَذَا ٱلۡكِفۡلِۖ وَكُلّٞ مِّنَ ٱلۡأَخۡيَارِ ﴿٤٨﴾

**48. Гьединго дуца ИсмагIил, АльясагI, Зулкифли рехсе, МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Гьезул щивав цоявги вуго Дие хириял, Дица тIаса рищарал.**

Гьал киналго аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَام рехсе абураб рагIиялъул магIна буго гьез Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде халкъ ахIулаго гьабураб сабру ва гьезие жидер къавмаздаса щвараб къварилъиялъул пикру гьаби ва живги гьел аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَام релъун вукIин.

هَٰذَا ذِكۡرٞۚ وَإِنَّ لِلۡمُتَّقِينَ لَحُسۡنَ مَـَٔابٖ ﴿٤٩﴾

**49. Гьел аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَام бицен буго гьезул дунялалда бугеб берцинаб рехсей. ХIакълъунго кинавго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарав муъминчиясе цIакъ берцинаб вуссунеб бакI буго.**

جَنَّٰتِ عَدۡنٖ مُّفَتَّحَةٗ لَّهُمُ ٱلۡأَبۡوَٰبُ ﴿٥٠﴾

**50. Даимго жанир чIолел алжанал руго гьел, гьезие жидер рагьабиги кидаго рагьун рукIунел.**

Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ жал хирияял малаикзабаца муъминзаби алжаналде рачIулеб мехалъ гьезие рагьаби рагьула, «Салам» абун гьезие тахIият гьабула ва гьезда сверун лъугьун, гьезда тIад тIавап гьабун жалги

алжаналде жанире лъугьула, гьел муъминзабазул хIажатал тIуразе. Алжаналъул рагьабиги рагьунго рукIула, гьез цоцазде зиярат гьабизе ва жидее бокьараб бакIалде ине.

**51. ЦIакъ тамахал, чIухIарал тахазда тIад гIодор чIун, хьибилчIван рукIула ва жидее къваригIараб пихъги, гьекъелги цогидал нигIматалги гьезухъе росун рачIула.** مُتَّكِـِٔينَ فِيهَا يَدۡعُونَ فِيهَا بِفَٰكِهَةٖ كَثِيرَةٖ وَشَرَابٖ ﴿٥١﴾

**52. Гьезда аскIор гIодор чIун, жидер бер гьезда гурони балагьуларел гьезул руччабиги рукIула:** жидергун гIел бащадал алжаналъул хIурулгIинзаби руго гьел. Дунялалда рукIарал руччабиги рукIуна цIакъго берцинлъун, гIолохъанлъун. ۞وَعِندَهُمۡ قَٰصِرَٰتُ ٱلطَّرۡفِ أَتۡرَابٌ ﴿٥٢﴾

**53. Гьел муъминзабазда абула: « Гьаб бугоха нужее дунялалъул рукъор ругеб мехалъ къотIи гьабун букIараб жазаъ:** къиямасеб къоялъ нужее лъик1аб жазаъ букIизеян къот1и букIиндалго, гьеб алжан буго гьеб. هَٰذَا مَا تُوعَدُونَ لِيَوۡمِ ٱلۡحِسَابِ ﴿٥٣﴾

**54. ХIакълъунго жиндие ахир гьечIеб, паналъи-пасалъи гьечIеб Дир ризкъи буго гьаб.** إِنَّ هَٰذَا لَرِزۡقُنَا مَا لَهُۥ مِن نَّفَادٍ ﴿٥٤﴾

**55. Гьаб цебе рехсараб берцинаб руссунеб бакI буго муъминзабазе бугеб жазаъ. Ва амма жал къосарал, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабизе чIухIарал капурзабазе цIакъ квешаб жал руссунеб бакI буго.** هَٰذَاۚ وَإِنَّ لِلطَّٰغِينَ لَشَرَّ مَـَٔابٖ ﴿٥٥﴾

**56. Даимго рукIинелъун жал жанире рехулеб жагьаннама буго гьеб ва цIакъ квешаб рукъги, бусенги, чIолеб бакIги бугоха гьеб жагьаннама.** جَهَنَّمَ يَصۡلَوۡنَهَا فَبِئۡسَ ٱلۡمِهَادُ ﴿٥٦﴾

**57. Гьаб буго гьезул купру-ширкалъе бугеб гIазаб. Гьаб гIазаб чIаме абе гьез! ЦIакъ махIцараб жужахIалъул агьлуялъул черхалдаса бецIцIулеб хьверд-рецI буго гьеб ва жиндир бухIи гIорхъолъан араб гьединабго махIцараб, кьогIаб жужахIалъул хIамимги (лъимги) буго.** هَٰذَا فَلۡيَذُوقُوهُ حَمِيمٞ وَغَسَّاقٞ ﴿٥٧﴾

**58. Гьалда релълъарал цогиги гIазабал рукIизе руго гьезие:** гучаб цIорой бугеб замгьарир абулеб гьури, щайтIабазул бетIералда релълъараб закъумалъул пихъ, цIадул борхьал, маххул гьенцIокъал ва цогидалги гIазабал рукIила, нужеца дунялалда гьабураб зулмуялде ва وَءَاخَرُ مِن شَكۡلِهِۦٓ أَزۡوَٰجٌ ﴿٥٨﴾

пасалъиялде данде жазаълъун.

هَٰذَا فَوْجٌ مُّقْتَحِمٌ مَّعَكُمْ لَا مَرْحَبًا بِهِمْ إِنَّهُمْ صَالُوا النَّارِ ﴿٥٩﴾

**59.** Малаикзабаца гьеб жужахIалде цогиги къокъаби лъугьизарула ва гьез абула: **«Гьалги руго нужгун цадахъ рукIизе ругел бахьикъосал, нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нагIана буго, гьесул гурхIел ва кIодо гьари гьечIо» - абун.** Дунялалъул рукъор Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъиялъулъ цадахъ рукIарал гьел ахираталда жужахIалъул гIазабалъулъги цадахъ рукIула. **ХIакълъунго гьал киналго гIасиял къавмал руго жал жужахIалъуре лъугьизарулел.**

Щибаб къокъа жужахIалде жанире реханщинахъе гьенир гъоркь рукIараз тIаде рачIаразда абула: «Нужее квешлъи буго, нужее кIодолъи гьечIо» - абун. Гьаб буго жужахIалъул агьлуялъ цоцазде гьабулеб «тахIият».

قَالُوا بَلْ أَنتُمْ لَا مَرْحَبًا بِكُمْ ۖ أَنتُمْ قَدَّمْتُمُوهُ لَنَا ۖ فَبِئْسَ الْقَرَارُ ﴿٦٠﴾

**60. Жидер церехъабаздехун хитIаб гьабун жал нахърилълъун рукIарал капурзабаз ва мушриказ абула: «нуж руго нужее лъикIлъи гьечIел ва нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нагIана бугел. Нужеца рачана ниж гьаб жужахIалде ва гьаб гIазаб нижее щвеялде. ЦIакъ квешаб чIолеб бакI буго гьеб нужееги нижееги» - абун.**

قَالُوا رَبَّنَا مَن قَدَّمَ لَنَا هَٰذَا فَزِدْهُ عَذَابًا ضِعْفًا فِي النَّارِ ﴿٦١﴾

**61. Цинги гьел жал нахърилълъарал гIадамаз абула: «Я нижер БетIергьан! Гьаб жужахIалде унеб гIамал гьабиялде ниж рачарал гIадамазе дуца кIиго нухалъ цIикIкIараб цIадул гIазаб гьабе» - абун.**

وَقَالُوا مَا لَنَا لَا نَرَىٰ رِجَالًا كُنَّا نَعُدُّهُم مِّنَ الْأَشْرَارِ ﴿٦٢﴾

**62. Купру-ширкалъул бутIруллъун ва церехъабилъун рукIарал гIадамаз цоцаздехун абула: «Гьаб щиб жо бугеб?, нилъеда гьаб жужахIалда жанир рихьулел гьечIо гурищ дунялалда нилъеца жал квешаллъун рикIкIунел рукIарал, нилъеца жал махсароде гьарулел рукIарал гIадамал?» - абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Маккаялъул мушрикаца Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ асхIабзаби ругодай гьеб жужахIалда абун хал гьабула. Абужагьалица абула: «Кив вугев Билал, Сугьайб, ГIаммар?» - абун.

Гьел рукIуна тIадегIанал алжаназда жанир. Жив цIакъ мискинав, пакъирав, ахIмакъав чи вуго гьев Абужагьал: Гьасул вас Г1икриматги, гьасул яс Жувайриятги бусурманлъана, гьесул эбелги бусурманлъана, гьесул вацги бусурманлъана. Гьел алжаналъул агьлулъун лъугьана. Гьав Абужагьал купру-ширкалда чIана ва жужахIалъуве ана.

63. Кинго жидеда муъминзаби жужахIалъур рихьичIеб мехалъ гьел капурзабаз абула: أَتَّخَذْنَٰهُمْ سِخْرِيًّا أَمْ زَاغَتْ عَنْهُمُ ٱلْأَبْصَٰرُ ﴿٦٣﴾

**«Нилъеца гьел дунялалда махсароде гьарулелищ рукIарал?** Гьел битIараб нухалда ва хIакъаб диналда рукIингун цадахъищха нилъеца гьел махсароде гьарулел рукIарал! **Яги гьел гьаб жужахIалда жанир ругониги нилъеда рихьуларогонищ ругел?» - абун.**

**64. ХIакълъунго, МухIаммад ﷺ, гьаб Дица дуда бицунеб хабар хIакъаб жо буго ва гьабги жужахIалъул агьлуялъ цоцаде бицунеб хабар буго.** إِنَّ ذَٰلِكَ لَحَقٌّ تَخَاصُمُ أَهْلِ ٱلنَّارِ ﴿٦٤﴾

**65. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ: «ХIакълъунго дун вуго нужехъе хIакъаб дин босун витIарав авараг. Аллагьасда ﷻ иман лъечIев, дун гьереси гьабурав чиясе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев вуго дун.** Муъминзабазда алжаналдалъун рохел бицуневги вуго дун. Нужеца абухъе сахIирги, шагIирги, кагьинги (балъгояб жо лъала абулел гьерсихъаби) гьечIо дун. قُلْ إِنَّمَآ أَنَا۠ مُنذِرٌ ۖ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّا ٱللَّهُ ٱلْوَٰحِدُ ٱلْقَهَّارُ ﴿٦٥﴾

**Жиндие лагълъи гьабизе тIадав ва хIакъав цоги алагьги гьечIо жив цогояв жиндир гуч ва хIалкIолъи бергьарав цохIого Аллагь ﷻ гурони.**

**66. Зобалазулги ракьалъулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь ﷻ: жиндир гуч бергьарав, жинца ц1акъ мунагьал чурулевги вуго.** رَبُّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ٱلْعَزِيزُ ٱلْغَفَّٰرُ ﴿٦٦﴾

«ٱلْقَهَّارُ» - абураб Аллагьасул ﷻ ц1ар буго жинда гIасилъараздаса ццим босизе, гьезие гIазаб гьабизе жиндир къуват-гуч бергьарав магIнаялда жиб бугеб. Гьеб ц1аралдалъун цебесеб аяталда Аллагь ﷻ рехсараб мехалъ ва гьелъ муъминзабазул рекIелъе хIинкъиги рехараб мехалъ, тIадегIанав Аллагьас ﷻ хадусеб аяталда жаниб лъабго батIияб жиндир ц1ар рехсана, гьел ц1араздалъун муъминзабазул ракI хIалхьезабулеб ва гьезул хьул лъезабулеб. «ٱلرَّبُّ»

- абураб ц1ар буго жинца кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьеб жиндир маслихIаталда рекъон хьвадизабулев абураб. «ٱلْعَزِيزُ» - абураб ц1ар буго жиндир къуват-гуч бугев, къадру кIудияв магIнаялда жиб бугеб. Гьеб ц1аралъ баян гьабула Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолеблъи жиндие бокьараб жо бокьухъе гьабизе. Жиндир лагъзадерие гIазаб гьабизе кIолеб гIадин, гьезда тIаса лъугьун тезе кIолеблъиги. «ٱلْغَفَّٰرُ» -абураб ц1ар буго цIакъго мунагьал чури г1емерав абураб. Гьаб ц1аралъ инсанасул хьул лъезабула тавбу гьабизе ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жив къабул гьавиялда божизе.

ТIолабго гIумруялъ купру - ширкалда вукIарав чиги жинца унго-унгояб тавбу гьабун, жиндир цебехун араб гIумру гIадада хвараб, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиялда араб букIин лъан, Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссараб мехалъ, Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъун ва гьесие хIелун гьесда цевеги чIараб мехалъ, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьесдаса тIаса лъугьула. Инсанасда лъараб мехалъ гьаб кинабго гIаламалъул тадбир гьабулев «رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ» - лъун вугев, жиндие бокьараб жо гьабизе хIалкIолъи бугев «ٱلْعَزِيزُ» -лъун вугев, жинца мунагьал чурулев ва жив тIаса лъугьулев «ٱلْغَفَّٰرُ» -лъун вугев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир БетIергьан вукIин, гьев инсанасул хьул лъезе тIадаб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къабул гьавиялда. Гьав инсанас кигIанго кIудиял мунагьал гьарун ругониги гьесда тIадаб буго Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссизе ва гьесие хIакъаб гIибадат гьабиялда жив тIад чIезе. Инша Аллагьу, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир гурхIел ццим бахъиналдаса цебе ккарав вуго. ЦIорораб лъималъ цIа свинабулеб гIадин, жиндир лагъасул бадиса тIинкIараб магIуялъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъинги свинабула.

**67.68. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**: «Гьеб нужехье бачIараб Къуръан цIакъ кIудияб амру буго, амма нуж гьеб Къуръаналдаса руссун чIун руго.**

قُلْ هُوَ نَبَؤٌا۟ عَظِيمٌ ﴿٦٧﴾ أَنتُمْ عَنْهُ مُعْرِضُونَ ﴿٦٨﴾

Нужеца гьелъул пикру гьабулеб гьечIо, гьелдалъун нужее вагIзаги лъугьулеб гьечIо. ЦIакъ квешаб гIазаб щвелаха нужее гьаб хIакъаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам нужеца гьереси гьабиялдалъун!

**69. Дида щибго лъалеб жо букIинчIо Малаул-агIлаялда (тIадегIанал зобалазда) малаикзабазул Адамил х1акъалъ букIараб хабаралъул.**

مَا كَانَ لِىَ مِنْ عِلْمٍۭ بِٱلْمَلَإِ ٱلْأَعْلَىٰٓ إِذْ يَخْتَصِمُونَ ﴿٦٩﴾

Гьеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ вахIю гьабун дида лъазабураб жо, ай дун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIакъав расул вуго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ вахIю гьабураб

хIакъаб жо буго дица нужеда бицунеб.

إِن يُوحَىٰٓ إِلَيَّ إِلَّآ أَنَّمَآ أَنَا۠ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ٧٠

**70. Дида Аллагьас ﷻ вахIю гьабураб жо буго дун нужее баянаб хIинкъи кьезе витIарав расул вугоян абун.**

إِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَٰٓئِكَةِ إِنِّى خَٰلِقٌۢ بَشَرًا مِّن طِينٍ ٧١

**71. Дур БетIергьанас малаикзабазда абураб гIуж бице, МухIаммад ﷺ,** дур умматалъе вагIзалъун ва мун Аллагьасул ﷻ расул вукIиналъе далиллъун. **«Дица хIарщалдаса цо къаркъала (инсан) бижизехъин буго. абун**

فَإِذَا سَوَّيْتُهُۥ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِن رُّوحِى فَقَعُوا۟ لَهُۥ سَٰجِدِينَ ٧٢

**72. Дица гьеб къаркъала гьабун тIубараб мехалъ ва гьелда жаниб Дир рухIалдаса рухIги пураб мехалъ, нуж киналго гьеб къаркъалаялъе сужда гьабун, гьелда цере чIа!**

Гьелъие тахIият гьабун ва гьеб хира гьабун»-абун. Гьаб сужда лагълъи гьабиялъул сужда гьечIо.

فَسَجَدَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ كُلُّهُمْ أَجْمَعُونَ ٧٣

73. ТIадегIанав Аллагьас Адамил عليه السلام къаркъала гьабун, гьелда жаниб рухI пураб мехалъ ва гьеб чIагояб инсанлъун лъугьараб мехалъ, **киналго малаикзабаца гьев Адамие сужда гьабуна.** Аллагьасул ﷻ амруялда мутIигIлъун, гьесие хIелун, Адамие тахIият гьабун сужда гьабуна.

إِلَّآ إِبْلِيسَ ٱسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ ٱلْكَٰفِرِينَ ٧٤

**74. ЦохIого иблис хут1изег1ан гьелъ гьабичIо Адамие сужда.**

**Гьеб иблис чIухIана Адамие сужда гьабизе ва жиб Аллагьасде ﷻ инкар ккураблъун лъугьана.** Аллагьасул ﷻ амру тIубангутIи гьесда инкар кквей буго. Аллагьасул ﷻ хIакъикъат лъарав чиясда гьесда гIасилъизе кIоларо!

Я гьав инсан! Дуда цеве цо инсан эхетани жинда кодоб дуе бокьараб жо гьабизе ихтияр ва гьунар бугев, цинги гьес дуда амру гьабуни цо иш гьабеян – дуда кIоларо гурищ гьев инсанасда гIасилъизе, нагагь мун гьесда гIасилъани дуе гьес гучаб гIазабги гьабула гурищ? Гьаб амру лъалев чи Аллагьасда ﷻ кин гIасилъулев?

قَالَ يَٰٓإِبْلِيسُ مَا مَنَعَكَ أَن تَسْجُدَ لِمَا خَلَقْتُ بِيَدَىَّ ۖ أَسْتَكْبَرْتَ أَمْ كُنتَ مِنَ ٱلْعَالِينَ ٧٥

**75. ТIадегIанав Аллагьас иблисалда абуна: «Я иблис! Мун щиб жоялъ нахъчIвараб Дица амру гьабураб мехалъ Дир квераздалъун вижарав Адамие сужда гьабе абун, гьеб сужда гьабиялдаса?**

**Мун чIухIунищ бугеб Адамие сужда гьабизе? Яги мун гьанжеялдаса цебего гIамал кIудияб, чIухIараблъунищ букIараб?» - абун.**

قَالَ أَنَا۠ خَيْرٌ مِّنْهُ خَلَقْتَنِى مِن نَّارٍ وَخَلَقْتَهُۥ مِن طِينٍ ۝٧٦

**76. Иблисалъ абуна: «Дун гьев Адамидаса** عَلَيْهِ السَّلَام **лъикIаб буго.** Дун гьесдаса хирияб буго ва тIадегIанаб буго.
**Дуца дун бижана цIаялдаса, гьев Адам вижана хIарщалдаса» - абун.**

قَالَ فَٱخْرُجْ مِنْهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ۝٧٧

**77. Цинги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُه **иблисалда абуна: «Мун къватIибе бахъа гьаб алжаналдаса.**
**ХIакълъунго мун буго кинабго лъикIлъиялдаса нахъе къотIараб, дуе нагIана бугеб.**

وَإِنَّ عَلَيْكَ لَعْنَتِىٓ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلدِّينِ ۝٧٨

**78. ХIакълъунго гьеб дир нагIана дуе буго къиямасеб къо щвезегIан.**
Кидаго дуда гурхIел-цIоб букIине гьечIо»**-абун.**

قَالَ رَبِّ فَأَنظِرْنِىٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ۝٧٩

**79. Иблисалъ абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дун хвезабичIогогIаги те къиямасеб къо щвезегIан» - абун.**
Гьелда бичIчIана жинда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُه ццим бахъараблъи, гьесул рагIи жиб хисулареб букIин. Абадияб гIазабалъе хIакъаблъун Адамие сужда гьабунгутIиялъ ккезабидал, гьеб иблисалъе бокьана Адамил наслу къосизабизе хIакъаб нухалдаса ва гьелги жужахIалъул агьлулъун гьаризе. Жегиги гьеб иблисалъе бокьана жиб хвалдаса тIубанго хвасарлъизе: къиямасеб къоялъ хвел букIунарелъул, жиб къиямасеб къо ч1езег1ан ч1аго те абун гьарана иблисалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُه. Гьелъие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абуна:

قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ ٱلْمُنظَرِينَ ۝٨٠

**80. ХIакълъунго мун хвалдаса нахъе бахъун тараб буго,**

إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْوَقْتِ ٱلْمَعْلُومِ ۝٨١

**81. Жиб лъалеб гIуж щвезегIан.**
Гьеб буго Исрапил малаикас ссуралъубе пун гIадамал хвезарулеб гIуж. Гьел гIадамалгун цадахъ мунги хвезе буго. Гьел хун хадуб дур хъулухъги тIубан букIинарищха! Гьалдаса хадув щив дуца къосизавилев?

قَالَ فَبِعِزَّتِكَ لَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ۝٨٢

**82. Иблисалъ абуна: «Дур кIодолъиялдалъун гьедулеб буго дун: дица кинабго Адамил зуррият къосизабила,**

إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ ٱلْمُخْلَصِينَ ۝٨٣

**83. Гьездаса дуе гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзаби хутIизегIан»-абун.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагІнат батараб иблисалда лъалеб букІана гьес цІунарав чи жиндие къосизавизе кІолареблъи. Жинца цІунарав чи къосизавизе дуда кІолароян Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьелда абулеб буго цоги аяталда жанибги.

**84. ТІадегІанав Аллагьас абуна: «Дунги гьедулев вуго хІакъаб жоялдалъун.** Х1акъаб хІукму буго дица абулеб рагІиги: قَالَ فَٱلۡحَقُّ وَٱلۡحَقَّ أَقُولُ ﴿٨٤﴾

**85. Дица жагьаннама цІезабила мунги дуда нахърилълъарал Адамил зурриятальул гІадамалги жанире рехун» - абун.** ГІадамазулги жундузулги гІасияб къавм жаниб букІунеб абадияб гІазабалъул рукъ буго гьеб жагьаннама. لَأَمۡلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنكَ وَمِمَّن تَبِعَكَ مِنۡهُمۡ أَجۡمَعِينَ ﴿٨٥﴾

**86. Дуца къавмалда абе, МухІаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**! Дица ажру-мухь тІалаб гьабулеб гьечІо Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рисалат нужехъе щвезабиялде данде.** قُلۡ مَآ أَسۡـَٔلُكُمۡ عَلَيۡهِ مِنۡ أَجۡرٖ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلۡمُتَكَلِّفِينَ ﴿٨٦﴾

**Дун дирго рахъалъан хабар бицунев, авараглъи гьабулев чи гуро,** Къуръанги дица ургъараб жо гуро.

**87. Гьеб Къуръанги гьеч1о кинабго халкъалъе бугеб вагІза гурого,** إِنۡ هُوَ إِلَّا ذِكۡرٞ لِّلۡعَٰلَمِينَ ﴿٨٧﴾
гьел хІакъаб диналде ахІулеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам. Гьел алжаналде унеб нухде тІоритІулеб гвангъараб чирахъ.

**88.** Гьаб Къуръаналда инкар ккурал, гьеб гьереси гьабурал нужеда **гІемер кватІичІого лъазе буго Къуръан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **калам букІин ва гьелъ бицараб жоги хІакъаб букІин.** وَلَتَعۡلَمُنَّ نَبَأَهُۥ بَعۡدَ حِينِۭ ﴿٨٨﴾
Мушриказда гьеб лъазе буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир расуласе квербакъи гьабун дин загьир гьабураб мехалъ ва жидер гарбал къотІулеб къо тІаде щвараб мехалъ. Киналго капурзабазда ва мунапикъзабазда гьеб Къуръан хІакъаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам букІин лъазе буго ахираталда жужахІалъуре лъугьизарураб мехалъ.
Дуца ниж гьаб Къуръаналде иман лъураздаса ва гьелъ алжаналде рачунездаса гьаре БетІергьан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Ссадалъул тафсир ва таржама хъван т1убана.

Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 39. Сурату Ззумар

سُورَةُ الزُّمَرِ

*Гьаб сураталда жанибги аслияб бакI ккун буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави ва гьесие гIибадат бацIцIад гьаби баян гьабиялъ. Сураталъул байбихьиги хирияб Къураналъул бицуналдалъун гьабун буго, гьеб бугелъул Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул бищунго кIудияб мугIжизат ва Исламияб диналъул аслу.*

*Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIин ва гьесул хIалкIолъи баян гьабизе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бижараб махлукъалъул мисал бачун, гьелъул пикру гьабизе тIамулел руго. Зобал-ракьал рижинги, сордо-къо ин-бачIинги, бакъ-моцIалъул хьвадиги бицун, гьел жинца рижарав ва гьезул тадбир гьабулев БетIергьан Аллагь вукIин баян гьабун буго.*

*Цо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабулев чиясдаги, хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамаздаги гьоркьоб бугеб батIалъи баян гьабун: жиндир цо Сайид вугев лагъасулги жиндир гIемерал сайидзаби ругев лагъасулги мисал бачун буго.*

*Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялда, тавбо гьабун гьесде руссиналде ахIулел руго, гьеб тавбу къабул гьабулареб къо щвелелде цереккун. Къиямасеб къо гIагарлъиялъул, Исрапил малаикас ссуралъуб пуялъул ва гьеб пураб мехалъ халкъалъул букIунеб хIал баян гьабиялдалъун гьабун буго сураталъул ахир.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго «Къукъабазул сурат» абун гьеб сураталъул ахиралда бицун букIиналъ Къиямасеб къоялъ муъминзабазул къукъаби алжаналде лъугьинариялъул ва капурзабазул къукъаби жужахIалде лъугьине гьариялъулги.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Гьаб хирияб Къуръан буго тIадегIанав Аллагьас жиб рещтIине гьабураб тIехь.**

**Жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ нахъ чIваларев, жинца гьабулеб ишги жиндилъ хIикмат-пайда бугеб букIунев.**

تَنزِيلُ ٱلْكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَكِيمِ ﴿١﴾

**2. ХIакълъунго Дица дуде гьаб тIехь рещтIине гьабуна, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, хIакъаб диналдалъун ва мухIканал**

إِنَّآ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ فَٱعْبُدِ ٱللَّهَ مُخْلِصًا لَّهُ ٱلدِّينَ ﴿٢﴾

**аяталгун. Дуца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабе гьесие дин бацIцIад гьабун куфру-ширкалдаса ва рияалдаса.**

أَلَا لِلَّهِ ٱلدِّينُ ٱلۡخَالِصُۚ وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُواْ مِن دُونِهِۦٓ أَوۡلِيَآءَ مَا نَعۡبُدُهُمۡ إِلَّا لِيُقَرِّبُونَآ إِلَى ٱللَّهِ زُلۡفَىٰٓ إِنَّ ٱللَّهَ يَحۡكُمُ بَيۡنَهُمۡ فِي مَا هُمۡ فِيهِ يَخۡتَلِفُونَۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهۡدِي مَنۡ هُوَ كَٰذِبٞ كَفَّارٞ ﴿٣﴾

**3. Мун кантIе ва дуда лъае! ЦохIо Аллагьасе ﷻ буго бацIцIадаб ва хIакъаб дин. Гьев Аллагьги ﷻ тун цоги Аллагьзаби жидер вализабилъун ккурал гIадамаца абулеб буго: «Нижеца гьал алагьзабазе лагълъи гьабулеб гьечIо гьез ниж Аллагьасде ﷻ цIакъ гIагар гьаризе гурони»- абун. Х1акълъунго къиямасеб къоялъ Аллагьас ﷻ хIукму гьабизе буго гьезда гьоркьоб жал хилиплъараб диналъул масъалаялъулъ:** Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабураздаги, жидеца хъанчие лагълъи гьабун Аллагьасдехун ﷻ ширк гьабуразда гьоркьобги. **Аллагьас ﷻ хIакъаб диналда тIовитIуларо жинца гьересиги бицунев, Аллагьасда ﷻ инкарги ккурав чи.**

لَّوۡ أَرَادَ ٱللَّهُ أَن يَتَّخِذَ وَلَدٗا لَّٱصۡطَفَىٰ مِمَّا يَخۡلُقُ مَا يَشَآءُۚ سُبۡحَٰنَهُۥۖ هُوَ ٱللَّهُ ٱلۡوَٰحِدُ ٱلۡقَهَّارُ ﴿٤﴾

**4. ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани жинца васлъун цо чи кквезе гьес жиндир махлукъалда жаниса жиндиего бокьараб жо тIаса бищилаан гьеб ишалъе.**

**Аллагь ﷻ вацIцIадав вуго мушрикаца гьесде гIунтIизе гьабулеб гьересиялдаса ва гьесие нукъсанлъи бачIунел сипатаздасаги. Гьев Аллагь ﷻ вуго жив цогояв, жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндир тущбабаздаса ццим босизе, гьезие г1азаб гьабизе кIолев.** Кинабго махлукъ гьесул ханлъиялда ва къудраталда гъоркь буго. Гьадинав гучав ханасе гIахьалчи ва лъимал хIажалъуларо.

خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ بِٱلۡحَقِّۖ يُكَوِّرُ ٱلَّيۡلَ عَلَى ٱلنَّهَارِ وَيُكَوِّرُ ٱلنَّهَارَ عَلَى ٱلَّيۡلِۖ وَسَخَّرَ ٱلشَّمۡسَ وَٱلۡقَمَرَۖ كُلّٞ يَجۡرِي لِأَجَلٖ مُّسَمًّىۗ أَلَا هُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡغَفَّٰرُ ﴿٥﴾

**5. Жинца зобалги ракьалги рижарав вуго гьев Аллагь ﷻ хIакъаб жоялдалъун:** камилаб хIалалъ бижарав, жиндир хIалкIолъиялда далилллъунги бижарав. **Жинца сордо къоялде тIаде бачIине гьабулев ва жинца къо сордоялде тIаде бачIине гьабулевги вуго. Жинца бакъги моцIги квегъарав вуго. Гьеб щибаб цояб жиндир нухалда хьвадулебги буго Аллагьас ﷻ жиндие къадар гьабураб заман щвезегIан.** Къиямасеб къо щвезегIан. **Мун кантIе, я гьав инсан! Гьев БетIергьан Аллагь вуго жиндир къуват-гуч бергьарав, ва жинца муъминзабазул мунагьал**

**чурулевги.** Нужеца Дие гIибадат бацIцIад гьабе ва Дидехун ширкги гьабуге.

**6. Аллагьас ﷻ нуж рижана цохIо Адамил напсалдаса. Цинги гьев Адамил квегIаб рахъалъан хьабалухъан гIучIги бахъун гьелдаса Адамие чIужулъун Х1аваги йижана.** Гьел цоцазде ракIгъун рукIине ва Адамил наслу-зурриятги бижизе. **Гьединго нужее гьаруна микьго хIайваналги:** варанаби, гIачи, гIиял, цIани гьаруна. Гьел ункъалго бихьинал ва цIуял гьаруна. Гьаб буго микьго хIайван. **Аллагьас ﷻ нужги рижула нужер эбелалъул рахIмоялда жанир батIи-батIияб рижиялъ.** Манидул къатIраялъул бидул горо лъугьуна, гьелдаса гьанал къотIел лъугьуна. Гьеб кIудияб гIун инсанасул сурат лъугьуна. Цинги гьелда жаниб Аллагьас ﷻ рухI пун чIагояв инсанлъун лъугьуна. **Гьеб инсан вижи лъабго батIияб бецIлъиялда жаниб букIуна**. Т1ончIорукъалъул бецIлъи, рахIмоялъул бецIлъи ва чехьалъул бецIлъиги. **Гьав Аллагь ﷻ вуго нижер БетIергьан:** гьаб кинабго махлукъ жинца бижарав, нужги рижарав. **Гьесие буго кинабго ханлъи:** жинца рижулев, жинца хьихьулев, жинца хвезе гьарулев, ахираталда жинца тIаде рахъине гьарун хIисаб-мизан гьабун жазаъ гьабулев вуго гьев Аллагь ﷻ. **Жив гурев цоги Аллагь ﷻ гьечIев вуго.** Жиндие гурони лагълъи гьабизе бегьуларев вуго. **Гьев Аллагьги ﷻ тун, гьесие гIибадат гьабиги тун нуж кире руссунел ругел?** Нужеца цоги аллагьзаби щай кколел жидее лагълъи гьабизе?

خَلَقَكُم مِّن نَّفْسٍ وَٰحِدَةٍ ثُمَّ جَعَلَ مِنْهَا
زَوْجَهَا وَأَنزَلَ لَكُم مِّنَ ٱلْأَنْعَٰمِ ثَمَٰنِيَةَ
أَزْوَٰجٍ يَخْلُقُكُمْ فِى بُطُونِ أُمَّهَٰتِكُمْ خَلْقًا
مِّنۢ بَعْدِ خَلْقٍ فِى ظُلُمَٰتٍ ثَلَٰثٍ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ
رَبُّكُمْ لَهُ ٱلْمُلْكُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ فَأَنَّىٰ
تُصْرَفُونَ ﴿٦﴾

**7. Нужеца гьев Аллагьасда ﷻ инкар ккуниги гьесие щибго зарал ва къварилъи букIунаро. Х1акълъунго Аллагь нужер гIибадаталда хIажатав гьечIо. Амма Аллагьасе ﷻ бокьуларо жиндир лагъзал куфру-ширкалда рукIине.** Гьезие лъикIлъи гьабулев вуго Аллагь ﷻ.

إِن تَكْفُرُوا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَنِىٌّ عَنكُمْ وَلَا يَرْضَىٰ
لِعِبَادِهِ ٱلْكُفْرَ وَإِن تَشْكُرُوا۟ يَرْضَهُ لَكُمْ وَلَا
تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم
مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ إِنَّهُۥ
عَلِيمٌۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿٧﴾

**Нужеца Аллагьасе ﷻ щукру гьабуни гьеб Аллагьасе ﷻ цIакъ бокьула** ва Аллагь ﷻ гьеб щукру гьабулел лагъзадерида разилъула. Гьеб щукруялъул мунпагIат лагъзадерие букIуна, куфруялъул заралги гьезие букIунеб гIадин. Кинниги Аллагьасе ﷻ бокьула жиндир

лагъзадерие дунялалдаги ахираталдаги лъикIлъи букIине.

**Ахираталда цониги напсалъ цоги напсалъул мунагь-хIакъ баччуларо.** Щибаб напс жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ жиндие гьабулеб буго. **Цинги Нуж киналго нужер БетIергьан Аллагьасде руссине ругел руго, цинги нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гIамал. Х1акълъунго Аллагь вуго жинда нужер ракIазда жаниб бугеб жоги лъалев.**

8. **Инсанасда цо къварилъи хъатIараб мехалда гьес жиндир БетIергьанасда ахIи балеб буго гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **мутIигIлъун, гьесие хIелун.** Жинца жидее лагълъи гьабулел аллагьзабиги гьесда кIочонел руго.

۞ وَإِذَا مَسَّ ٱلْإِنسَٰنَ ضُرٌّ دَعَا رَبَّهُۥ مُنِيبًا إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَا خَوَّلَهُۥ نِعْمَةً مِّنْهُ نَسِىَ مَا كَانَ يَدْعُوٓا۟ إِلَيْهِ مِن قَبْلُ وَجَعَلَ لِلَّهِ أَندَادًا لِّيُضِلَّ عَن سَبِيلِهِۦ ۚ قُلْ تَمَتَّعْ بِكُفْرِكَ قَلِيلًا ۖ إِنَّكَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلنَّارِ ﴿٨﴾

**Цинги Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндие нигIматал кьураб мехалъ, доб къварилъиги тIаса араб мехалъ, гьесда кIочонеб буго жив дагьав цеве Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **ахIи балев вукIараблъи. Жинца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIадин жидее гIибадат гьабизе хъанчалги кколел руго: гьелдалъун жинца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **диналдаса гIадамал нахъе чIвазе къасд гьабулеб буго. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**: «Дуца дагьаб мехалъ дурго куфруялда чIун дунялалъул лазат-кеп босе. Х1акълъунго ахираталда мун вуго жужахIалъул бетIергьабаздаса вук1ине вугев» абун.**

9. **Жив Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **цIакъ мутIигIав, сардилъ тIаде вахъун Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **рукугI-сужда гьабун, Къуръан цIализе вахъун чIун жинца гIибадат гьабулев, жив ахираталъул гIазабалдасаги хIинкъулев, жиндир Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахIматалде хьулги лъолев –** гьав муъминчи вукIинищха капурчиясда релълъун ва гьесул даражаялда? ВукIунаро. **Дуца абе, МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**: жинда гIелму лъалев гIалимчиги, жинда щибго жо лъаларев жагьилчиги цоцада ващад вугищ? – абун.**

أَمَّنْ هُوَ قَٰنِتٌ ءَانَآءَ ٱلَّيْلِ سَاجِدًا وَقَآئِمًا يَحْذَرُ ٱلْءَاخِرَةَ وَيَرْجُوا۟ رَحْمَةَ رَبِّهِۦ ۗ قُلْ هَلْ يَسْتَوِى ٱلَّذِينَ يَعْلَمُونَ وَٱلَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ۗ إِنَّمَا يَتَذَكَّرُ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٩﴾

Гьав кIиявго ващад гьечIо. Гьединго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIавги Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасияв чиги ващад гьечIо. **Х1акълъунго гьаб Къуръаналъул вагIза босула жидер гIакълу-лъай бугел муъминзабаца.**

Г1елму буго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъай. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъаялде щоларо жинца

Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьес малъухъин, гьесул расулас ﷺ малъухъин гIибадат гьабун гурони. Гьаб аяталда жаниб тIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб хIикматалде кантIизе гьарулел руго: цин жидеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулел гIадамазул бицен гьабуна, цинги хадуб гIалимзабазул биценги гьабуна. Аяталъул ахиралдаги абуна: «Г1елму гIакълу бугел гIадамаз босула Къуръаналъул вагIза» - абун.

قُلْ يَٰعِبَادِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ رَبَّكُمْ ۚ لِلَّذِينَ أَحْسَنُوا۟ فِى هَٰذِهِ ٱلدُّنْيَا حَسَنَةٌ ۗ وَأَرْضُ ٱللَّهِ وَٰسِعَةٌ ۗ إِنَّمَا يُوَفَّى ٱلصَّٰبِرُونَ أَجْرَهُم بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴿١٠﴾

**10. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, жидеца иман лъурал дир лагъзадерида; нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса цIуни тIалаб гьабе»-абун.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиб хIарам гьабураб жоялдаса рикIкIалъун, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амру гьабураб жоги гьабун. **Гьаб дунялалда лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе ахираталда цIакъ кIудияб ажру ва лъикIлъи буго.**

**Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ракьги цIакъ кIудияб ва гIатIидаб буго. Нуж а нужее Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин загьир гьабизе ва гьесие гIибадат бацIцIад гьабизе рес бугеб бакIалде. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру-нагью тIубаялда тIад чIун гьеб сабаблъун щвараб захIмалъиялда сабру гьабурал:** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда халкъ ахIулаго щвараб къварилъиялда сабру гьабурал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло тущманасде данде рагъулаго сабру гьабурал гьал **гIадамазе ажру-кири кьола хIисаб-мизан гьечIого гIемераб.**

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бугин абуна жинда Аллагь разилъаяв ЖагIфар ибну АбутIалибги гьесда цадахъ рукIарал асхIабзабиги ХIабаш улкаялде (Эфиопия) гьижра гьабун ине къасд гьабун къватIире рахъин. Гьезул гьижраялде ракI гьесизе гьабун, гьезда щолеб гIакъуба-захIматалда сабру гьабиялъул ажру бицун ва ахираталда гьезие бугеб цIакъ кIудияб ажруги бицун.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьаби цIакъ хирияб ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб гIамал буго. Гьеб гьижра гьаби букIуна жиндие дин загьир гьабизе рес гьечIеб мехалъ, гьеб дин цIунун гъазават гьабизе ресги гьечIеб мехалъ.

Жакъа къоялда жаниб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун ине бакI гьечIо, гьедин ине санагIаталги гьечIо. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукмуялдалъун хIукму гьабулеб цониги улка-ракьги гьечIо. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьабизе ккола абун кIалъалев цониги амир яги имамги гьечIо. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гьижра гьабун жидехъе рачIарал гIадамал цIунулев бахIарчияв ханги

гьечIо. Гьаб хIалалда киналго бусурбаби ругеб мехалъ цо ракьалдаса цоги ракьалде бусурбаби ин гьев чияс Аллагьасул ﷻ дин цIуни букIунаро. Гьеб букIуна гьев чияс жиндирго напс цIуни. Напс цIунунги гьижра гьабизе бегьула гьеб гьижра жиндир диналъе зарал цIикIулеб рахъалде гьабичIони.

Жакъа Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав муъминчиясе лъикIаб гьижра буго Аллагьасе ﷻ рихарабщинаб жоги тун, Аллагь ﷻ разилъулеб гIамал гьабиялде гьижра гьаби. Аллагьасул ﷻ дин ва гьеб дин гьабизе кколеб хIал нилъеда лъазе гьабулеб Къуръан-хIадисалда тIадчIей гьаби. Дунял тIалаб гьабулел цIаларал гIадамаз, дибирзабаца, щайхзабаца ургъун рахъарал Аллагьасул ﷻ диналде данде кколарел бидгIаби рикIкIад гьари. Гьел бидгIаби гьариялдаса муъминзаби цIуни. Гьел бидгIабазул гIемерисел тайпаби жал руго гьеб бидг1а гьабулев чи Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабулев вуго жив абун, щайтIаналъе гIибадат гьабулевлъун вукIунел, Аллагьасдехун ширк гьабулел.

ДагIват абураб рагIиялъул магIна буго цо щиб бугониги ишалда гIадамал гьесизе гьари (агитация). Гьаб заманаялъ жидеца Аллагьасе ﷻ гIоло дагIват гьабулеб буго, Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ахIулеб буго абун хьвадулел цо цIаларал гIадамал руго. Гьезул дагIваталъул хIакъикъаталда балагьараб мехалъ гьеб батулеб буго жив жанив вугеб тIарикъаталде халкъ ахIи ва жиндир устар вецци, цогидал тIарикъаталги устарзабиги каки. Гьел дагIватчагIазда абураб мехалъ шаргIалъул хилапалда бугеб жо гьабуге, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул нух цIуне абун – гьеб рагIи жидеда речIчIулеб гIарада бугеб гIадин жал хIинкъулел руго ва гьеб хIакъаб рагIи абулев чиясдехун тущманлъи кколеб буго. Гьел дагIватчагIазул рагIиги гIамалги цIакъ цоцаздаса рикIкIадаб буго.

Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло гъазават гьабизе ккола абураб мехалъ гьеб рагIи жидер каранда къазе гьабураб хеч гIадин рихунеб буго цо цIаларал гIадамазда. Халкъалъ жал цере ккурал, жидер гIадамаз къадру гьабулел устарзаби руго Дагъистаналда исламияб пачалихъ гIуцIизе ккола абураб рагIи абизего бегьуларин, гьеб жо питна ва балагь бугин абулел.

Жакъа къоялда жаниб жинца Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабулев, жиндие лъикIаб ахират бокьарав чиясда тIадаб жо буго жив гIумру гьабун вугеб бакIалда чIун жинда сверухъ ругел бусурбаби исламияб дин Аллагьасулги ﷻ, гьесул расуласулги мурадалда рекъон гьабиялда ахIи. Гьаб дагIваталда жив даимлъи, гьеб дагIват гьабулаго жинда

щвараб къварилъиялда сабру гьаби буго жиндир ахираталъе батулеб лъикIаб гIамал. Кинавго бусурманчиясда тIадаб буго Аллагьасе ﷻ гIоло, гьесул диналъе гIоло бусурбаби рокьи, Аллагьасул ﷻ тущбаби рихи. Жиндир напсалъе гIоло, яги жинца тIаса бищараб нухалъе гIоло гIадамал рокьиги, гьел рихинги буго щайтIанияб нух. Аллагьас ﷻ тавпикъ гьабеги лъикIаб гIамал гьабизе.

قُلْ إِنِّىٓ أُمِرْتُ أَنْ أَعْبُدَ ٱللَّهَ مُخْلِصًا لَّهُ ٱلدِّينَ ﴿١١﴾

**11. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: «Х1акълъунго Аллагьас дида амру гьабун буго дица цохIо Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабе абун ва гьеб лагълъиги куфру-ширкалдаса бацIцIад гьабе»-абун.**

وَأُمِرْتُ لِأَنْ أَكُونَ أَوَّلَ ٱلْمُسْلِمِينَ ﴿١٢﴾

**12. Гьединго дида амру гьабун буго гьаб умматалъул гIадамаздаса жидеца исламияб дин къабул гьабурал гIадамазул авалавлъун вукIа дун абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вукIана цохIого жив вукIаго мушриказда ва гьезул хъанчазда жинца гIайиб чIварав, гьезда рагъ лъазе гьабурав чи.

قُلْ إِنِّىٓ أَخَافُ إِنْ عَصَيْتُ رَبِّى عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿١٣﴾

**13. Цогиги дуца абе, МухIаммад ﷺ : «Х1акълъунго дун Аллагьасда ﷻ гIасилъизе хIинкъула Къиямасеб къоялъ гьесул гIазаб диде щвеялдаса хIинкъулев вукIиналъ»-абун.**

Хирияв авараг ﷺ жинда Аллагьасул ﷻ гIазаб щвеялдаса хIинкъараб мехалъ гьев авараг гурел гIадамал цIакъго хIинкъизе мустахIикъал руго гьеб гIазаб жидеда щвеялдаса.

قُلِ ٱللَّهَ أَعْبُدُ مُخْلِصًا لَّهُۥ دِينِى ﴿١٤﴾

**14. Дуца абе, МухIаммад ﷺ : «Дица лагълъи гьабулеб буго дир БетIергьан Аллагьасе, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун, гьев цо гьавун»-абун.**

فَٱعْبُدُوا۟ مَا شِئْتُم مِّن دُونِهِۦ ۗ قُلْ إِنَّ ٱلْخَٰسِرِينَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ وَأَهْلِيهِمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ أَلَا ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْخُسْرَانُ ٱلْمُبِينُ ﴿١٥﴾

**15. Нужеца нужеего бокьараб жоялъе гьабе лагълъи гьев Аллагьасеги ﷻ гьабичIого!** Нужеда нахъа бихьизе буго кинаб гIазабдай нужеда чIамизе гьабулеб абун.

**Дуца гьезда абе Мух1аммад: унгого ва тIубанго гIадада хварал ва чIорого хутIарал гIадамал руго жалги, жидер агьлу-хъизанги къиямасеб къоялъ чIорого хутIулел гIадамал, гьеле гьеб буго жиб баянаб ва хIакъикъияб чIорого хутIи!**

Гьаб дунялалъул рукъоб боцIи-мал гьечIолъи, гьудул-гьалмагъ гьечIолъи, агьлу-хъизан гьечIолъи букIунаро чIорого хутIи ва гIадада

хвей. Ахираталда алжаналда жаниве лъугьине гьавурав муъминчиясе агьлу-хъизанги букIуна, алжаналъул нигIматалги рукIуна, гьудул-гьалмагъзабиги рукIуна. Ахираталда жужахIалъуве ккарав чи живго цохIо вукIуна. Гьесул агьлу-хъизанлъун щайтIабиги хъанчалги рукIуна, гьесул боцIи-маллъун борхьал гIакърараби рукIуна, гьесие рекIелгъейлъун жужахIалъул цIадул хIамил гьагIи гIадаб гIергIеди букIуна. Аллагьас ﷻ нилъ ц1унаги гьеб жужах1 т1ад гьабулеб г1амал гьабиялдаса.

لَهُم مِّن فَوْقِهِمْ ظُلَلٌ مِّنَ ٱلنَّارِ وَمِن تَحْتِهِمْ ظُلَلٌ ۚ ذَٰلِكَ يُخَوِّفُ ٱللَّهُ بِهِۦ عِبَادَهُۥ ۚ يَٰعِبَادِ فَٱتَّقُونِ ﴿١٦﴾

**16. Гьезие жужахIалда жаниб жидеда тIадги гъоркьги цIадул рагIад буго.** ЖужахIалъул цIа гьесда кинабго рахъалъан сверун лъугьун букIуна. **Гьаб цIаялдалъун Аллагьас ﷻ хIинкъи кьолеб буго жиндир лагъзадерие ва гьел нахъе чIвалел руго Аллагьасда ﷻ гIасилъиялдаса. Я Дир лагъзал! Нуж Дир гIазабалдаса хIинкъа! Гьеб гIазаб нужее гьабулеб гIамал гьабуге.** Гьаб вагIза гьабулеб буго Аллагьасда ﷻ иман лъурал муъминзабазе. Капурзабазе букIунеб гIазаб бицун хадуб жидеца вагIза босулел муъминзабазе хIинкъи кьолеб буго гьеб жужахIалде кколеб гIамал гьабуге абун.

وَٱلَّذِينَ ٱجْتَنَبُوا۟ ٱلطَّٰغُوتَ أَن يَعْبُدُوهَا وَأَنَابُوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ لَهُمُ ٱلْبُشْرَىٰ ۚ فَبَشِّرْ عِبَادِ ﴿١٧﴾

**17. ЩайтIаналъул макруялдаса рикIкIалъун, гьелъие лагълъи гьабиялдаса цIунарал, Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда тIадги чIарал муъминзабазе Аллагьасул ﷻ рахъалъан рохел буго.**

ٱلَّذِينَ يَسْتَمِعُونَ ٱلْقَوْلَ فَيَتَّبِعُونَ أَحْسَنَهُۥٓ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ هَدَىٰهُمُ ٱللَّهُ ۖ وَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمْ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿١٨﴾

**18.** Дуца рохел бице, МухIаммад ﷺ**, жал Къуръаналда гIенеккулел дир лагъзадерида: жидеца хIакъаб ва лъикIаб рагIи г1енеккулел ва гьелъул бищунго лъик1алда нахъги рилълъунел. Гьел руго Аллагьас ﷻ битIараб нухалда тIоритIарал гIадамал. Гьел руго жидер гIакълу бугел, жидеца гьабизе кколеб жо жидеда лъалел гIадамал.** Муъминзабазда тIадаб буго жидеца хIакъаб жо тIалаб гьабизе ва гьелда нахърилълъине. Жинда бицуна раг1анщинаб жоги къабул гьабизе бегьуларо. Жидер мазгьабалъул, жидер г1елмуялъул устарасул рахъ ккун к1алъазеги бегьуларо. Жидее х1акъаб жо загьирлъараб мехалъ гьеб х1акъаб жо кколел ва гьелда г1амал гьабулел муъминзаби руго Аллагьас ﷻ жидее рецц гьабурал, ва жиндир аварагасдаги лъазе гьабурал дуца

гьезда рохел бице абун.

**19. Жиндие жужахIалъул гIазаб букIин хIакълъарав чи тIовитIизе кIолищха дуда МухIаммад** ﷺ **?** К1оларо. **ЖужахIалда жанив вугев чи гьениса хвасар гьавизеги кIолищха дуда?** К1оларо.

أَفَمَنْ حَقَّ عَلَيْهِ كَلِمَةُ الْعَذَابِ أَفَأَنتَ تُنقِذُ مَن فِي النَّارِ ﴿١٩﴾

Гьаб аят рещтIиналъе сабаб буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бокьун букIана Абулагьаб гIадав ва цогидалги жиндир гIагарал гIадамаз иман лъезе. Гьел гIадамал Аллагьасул ﷻ азалияб гIелмуялъулъ иман лъоларел рукIиналъ, Т1адег1анав Аллагьас жиндие хирияв аварагасде ﷺ абулеб буго: «Дуда жужахIалда жанир ругел гIадамал хвасар гьаризе кIоларо» - абун.

**20. Кинниги дунялалъул рукъор Аллагьасдаса** ﷻ **хIинкъун хьвадарал муъминзабазе алжаналда жанир рорхатал кIалгIаби руго: жидер рукъзал ва рагъаби цоязде тIаде цоял ругел, жавгьар-якъуталъ жал рарал, жидеда гъоркьан гIоралги чвахулел.**

لَٰكِنِ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ لَهُمْ غُرَفٌ مِّن فَوْقِهَا غُرَفٌ مَّبْنِيَّةٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ وَعْدَ اللَّهِ لَا يُخْلِفُ اللَّهُ الْمِيعَادَ ﴿٢٠﴾

**Гьаб буго Аллагьасул** ﷻ **къотIи. ТIадегIанав Аллагь жинца гьабураб къотIиялъе хилиплъуларев вуго.**

**21. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вукIин жинца зодиса цIад рещтIине гьабулев ва жинца гьеб цIад ракьалда жаниб иццаллъун, иххаллъун лъугьине гьабулев. Цинги гьеб цIадал лъималдалъун жинца батIи-батIияб хур-херги бижизе гьабулев.**

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَسَلَكَهُ يَنَابِيعَ فِي الْأَرْضِ ثُمَّ يُخْرِجُ بِهِ زَرْعًا مُّخْتَلِفًا أَلْوَانُهُ ثُمَّ يَهِيجُ فَتَرَاهُ مُصْفَرًّا ثُمَّ يَجْعَلُهُ حُطَامًا إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَذِكْرَىٰ لِأُولِي الْأَلْبَابِ ﴿٢١﴾

**Цинги гьеб хур-хер бакъван, тIогьиллъун лъугьуна, гьелдаса хадубги бакъван, хъурун гIодобе гьурщун уна. Гьаб рехсараб жоялъулъги жидее гIакълу бугел гIадамазе вагIза буго, тIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб кIудияб гIаламатги буго.**

22. **Аллагьас** ﷻ **жиндир керен-ракI исламияб диналъе рагьарав, жив Аллагьасул** ﷻ **нуралъул канлъиялъульги вугев чи** ващадав

أَفَمَن شَرَحَ اللَّهُ صَدْرَهُ لِلْإِسْلَامِ فَهُوَ عَلَىٰ نُورٍ مِّن رَّبِّهِ فَوَيْلٌ لِّلْقَاسِيَةِ قُلُوبُهُم مِّن ذِكْرِ اللَّهِ أُولَٰئِكَ فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ﴿٢٢﴾

вукIунищ, релълъунги вукIунищ куфру-ширкалда вугев чиясда? ВукIунаро.

**Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб буго жидер ракIал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялдаса къосарал, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсараб ва гьесул Къуръан цIалараб мехалъ жидее гьелъ асар гьабуларел гIадамазе. Гьел руго жал хIакъаб къосиналъулъ ругел гIадамал.**

**23. ТIадегIанав Аллагьас рещтIине гьабуна бищунго берцинаб калам. Жиндир аятал ва ахIкамал цоцада релълъараб Къуръан буго гьеб.** Жиндилъ батIулаб жо гьечIеб, цояб цоялъ хвезе гьабулеб жоги гьечIеб. **Жиндилъ вагIзабиги, хIукмабиги такрар гьарун баян гьарулеб.**

ٱللَّهُ نَزَّلَ أَحۡسَنَ ٱلۡحَدِيثِ كِتَٰبٗا مُّتَشَٰبِهٗا مَّثَانِيَ تَقۡشَعِرُّ مِنۡهُ جُلُودُ ٱلَّذِينَ يَخۡشَوۡنَ رَبَّهُمۡ ثُمَّ تَلِينُ جُلُودُهُمۡ وَقُلُوبُهُمۡ إِلَىٰ ذِكۡرِ ٱللَّهِۚ ذَٰلِكَ هُدَى ٱللَّهِ يَهۡدِي بِهِۦ مَن يَشَآءُۚ وَمَن يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنۡ هَادٍ ﴿٢٣﴾

Аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къисаби, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел хIужаби жиндилъ гIемер рицунеб.

**Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса жал хIинкъулел муъминзабазул тIом букIкIине гьабула гьеб Къуръан цIалараб мехалъ.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъарал гIадамазе гьабулеб гIазабалдаса хIинкъун. **Цинги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхIел-рахIмуялъул бицунел аятал цIалараб мехалъ гьезул ракIал ва тIомал гIодоре риччала ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялде жалги машгъуллъула. Гьеб Къуръан буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бугеб хIакъаб диналде тIоритIи. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьарав чи гьеб Къуръаналдалъун тIовитIула. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ битIараб нухалдаса къосиналда тарав чи жинца битIараб нухалда тIовитIизе кIолев щивго чи вукIунаро.**

**24. Жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъун жиндир гьумер цIунарав чи релълъун вукIунищ Къиямасеб къоялъ, жив щибго хIинкъиго гьечIого вугев чиясда?** ВукIунаро гьев кIиявго чи цоцазда релълъун.

أَفَمَن يَتَّقِي بِوَجۡهِهِۦ سُوٓءَ ٱلۡعَذَابِ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۚ وَقِيلَ لِلظَّٰلِمِينَ ذُوقُواْ مَا كُنتُمۡ تَكۡسِبُونَ ﴿٢٤﴾

«Жиндир гьумер цIунарав чи» абураб рагIиялъул магIна буго жив жужахIалде аскIове гIагар гьавураб мехалъ жинца гьеб гIазабалдаса хIинкъун гьумер бахчулев абураб. Гьаб сипат буго купру-ширкалда рук1ун хварал г1адамазе гьабураб сипат.

**Куфру-ширкалдалъун жидеца зулму гьабун хьвадарал гIадамазда гьеб къоялъ абула: «Нужеца дунялалда гьабураб гIамалалъул**

**жазаъ чIаме жакъа» - абун.**

كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ فَأَتَىٰهُمُ ٱلۡعَذَابُ مِنۡ حَيۡثُ لَا يَشۡعُرُونَ ﴿٢٥﴾

**25. Гьал Маккаялъул мушриказда цере рукIарал къавмазги жидехъе вачIарав авараг гьереси гьавуна ва гьезухъе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIазабги бачIана жидеда ракIалдаго гьечIеб рахъалдаса.**

فَأَذَاقَهُمُ ٱللَّهُ ٱلۡخِزۡيَ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۖ وَلَعَذَابُ ٱلۡأٓخِرَةِ أَكۡبَرُۚ لَوۡ كَانُواْ يَعۡلَمُونَ ﴿٢٦﴾

**26. ТIадегIанав Аллагьас гьезда дунялалъул рукъоб цIакъ гIодорегIан гьари, хIакъир гьари чIамизе гьабуна. Ва амма ахиratalъул гIазаб гьаб дунялалда жидее гьабураб гIазабалдаса цIакъго цIикIкIараб буго.**

**Гьаб амру жидеда лъалеб ани гьез авараг гьереси гьавизе вукIинчIо.**

وَلَقَدۡ ضَرَبۡنَا لِلنَّاسِ فِي هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانِ مِن كُلِّ مَثَلٖ لَّعَلَّهُمۡ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Х1акълъунго Дица гьаб Къуръаналда жанир батIи-батIиял мисалал рачана гIадамаз гьездаса вагIза босизе ва гьелъул пикру гьабизе.**

قُرۡءَانًا عَرَبِيًّا غَيۡرَ ذِي عِوَجٖ لَّعَلَّهُمۡ يَتَّقُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Жиндилъ щибго батIулаб жо гьечIеб гIараб мацIалда бугеб Къуръан буго гьаб,** жиб цIакъ пасихIаб, жиндир тIоритIел баянаб.

**Гьаб Къуръан рещтIине гьабун буго гьел гIарабиял ва цогидал умматалги Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъизе ва гьез Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасилъи тезе.**

ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلٗا رَّجُلٗا فِيهِ شُرَكَآءُ مُتَشَٰكِسُونَ وَرَجُلٗا سَلَمٗا لِّرَجُلٍ هَلۡ يَسۡتَوِيَانِ مَثَلًاۚ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِۚ بَلۡ أَكۡثَرُهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ﴿٢٩﴾

**29. ТIадегIанав Аллагьас мушриказеги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо гьавурал муъминзабазеги мисал бачунеб буго жиндир цо сайид вугев лагъасул ва жал цоцалъ къацандулел гIемерал сайидзаби ругев лагъасулги.**

**Гьев кIиявго чи ващад вукIунищха жидер яшав гьабиялъулъ?** РукIунаро гьел ращад. Жиндир цо сайид вугев лагъ лъикI вукIуна жиндир гIемерал сайидзаби ругев лагъасдаса. Гьаб мисалалдаса бичIчIизе ккола жинца цо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулев лагъ лъикI вукIунеблъи жинца гIемерал аллагьзабазе лагълъи гьабулев лагъасдаса. **Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго** жив цогояв, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав, кинабго амру жинда кодоб бугев, дунял-ахираталъул ханлъунги жив вугев. **Гьел инкарчагIазул**

**гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго, гьедин букIиналъ жидеца хъанчие лагълъи гьабулелги руго.**

إِنَّكَ مَيِّتٞ وَإِنَّهُم مَّيِّتُونَ ٣٠

**30. Х1акълъунго мун хвезе вугев вуго МухIаммад ﷺ, ва х1акълъунго гьел мушрикалги жал хвезе ругел руго.**

Гьаб дунялалда даимго чIаго хутIулев щивго чи гьечIо.

ثُمَّ إِنَّكُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ عِندَ رَبِّكُمۡ تَخۡتَصِمُونَ ٣١

**31. Цинги Къиямасеб къоялъ нуж киналго нужер БетIергьан Аллагьасда цере хIисаб-мизан гьабизе эхетун чIезе руго.**

**Гьениб нужеца цоцаде дагIба-къецги гьабила нужеда гьоркьор ругел хIукъукъал рицун,** диналъул букIа дунялалъул букIа гьеб дагIба. Цинги нужее хIукмуги гьабизе буго жиндир хIукму гIадилав хIакимас.

۞ فَمَنۡ أَظۡلَمُ مِمَّن كَذَبَ عَلَى ٱللَّهِ وَكَذَّبَ بِٱلصِّدۡقِ إِذۡ جَآءَهُۥٓۚ أَلَيۡسَ فِي جَهَنَّمَ مَثۡوٗى لِّلۡكَٰفِرِينَ ٣٢

**32. Жинца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьереси гьавурав ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам Къуръан жидехъе бач1ун хадуб гьеб гьереси гьабурав чиясдаса зулму цIикIкIарав чи щивха вукIинев?**

Жинца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIахьалчи вуго абулев, гьесул лъимал ругол абулев. Жиндихъе Къуръан бачIараб мехалъ гьеб шигIру буго, сихIру буго абулев. **Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал гIадамал жанире руссунеб бакI жагьанамма гьечIищха?** Буго.

وَٱلَّذِي جَآءَ بِٱلصِّدۡقِ وَصَدَّقَ بِهِۦٓ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُتَّقُونَ ٣٣

**33. Ва амма хIакъаб диналдалъун жал рачIарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва жидеца гьел ритIухъ гьарурал муъминзабиги руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъулел, гьесие гIибадат бацIцIад гьабулел гIадамал.**

لَهُم مَّا يَشَآءُونَ عِندَ رَبِّهِمۡۚ ذَٰلِكَ جَزَآءُ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٣٤

**34. Къиямасеб къоялъ жидер БетIергьанасда аскIоб гьезие буго жидее бокьанщинаб жо. Гьеб буго жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб жазаъ.**

لِيُكَفِّرَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ أَسۡوَأَ ٱلَّذِي عَمِلُواْ وَيَجۡزِيَهُمۡ أَجۡرَهُم بِأَحۡسَنِ ٱلَّذِي كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ٣٥

**35. ТIадегIанав Аллагьас гьал муъминзабазул жидеца цереккун гьарурал бищун квешал мунагьал тIаса лъугьун тола ва гьезие жидеца**

**гьабураб лъикӀаб гӀамалалдаса гӀемерго лъикӀаб ва тӀокӀаб жазаъги гьабула.**

أَلَيْسَ ٱللَّهُ بِكَافٍ عَبْدَهُۥ ۖ وَيُخَوِّفُونَكَ بِٱلَّذِينَ مِن دُونِهِۦ ۚ وَمَن يُضْلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنْ هَادٍ ﴿٣٦﴾

**36. ТӀадегӀанав Аллагь гьечӀищха жиндир лагъасе ва расул МухӀаммадие ﷺ жинца гӀейи гьабулевлъун.** Ва гьесдехун тущманлъи гьабулел гӀадамаздаса жинца гьев цӀунулевлъун.

Гьел къурайшаца абулеб букӀана: «Нижер алагьзаби дуда хьандезе руго, яги гьез мун унтизе гьавун гӀадаллъизе гьавизе вуго» - абун. Гьезул рагӀи ахӀмакъаб ва батӀулаб букӀин лъазе гьабун Аллагьас ﷻ абулеб буго: **«Гьез дуе хӀинкъи кьолеб буго, МухӀаммад ﷺ, Алллагьас рижарал, гьесул ихтиаралда гъоркь ругел хъанчаздалъун. Аллагьас ﷻ жив къосаравлъун тарав чи жинца тӀовитӀулев щивго чи вукӀунароха.**

وَمَن يَهْدِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِن مُّضِلٍّ ۗ أَلَيْسَ ٱللَّهُ بِعَزِيزٍ ذِى ٱنتِقَامٍ ﴿٣٧﴾

**37. Аллагьас ﷻ жив хӀакъаб диналда тӀовитӀарав чи жинда къосине гьавизе кӀолев чиги вукӀунаро. ТӀадегӀанав Аллагь гьечӀищха жиндир гуч бергьарав, жиндир тущбабаздаса ццим босизе кӀолев, гьезие гӀазаб гьабизе кӀолев хан?** Вуго.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ ٱللَّهُ ۚ قُلْ أَفَرَءَيْتُم مَّا تَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ إِنْ أَرَادَنِىَ ٱللَّهُ بِضُرٍّ هَلْ هُنَّ كَٰشِفَٰتُ ضُرِّهِۦٓ أَوْ أَرَادَنِى بِرَحْمَةٍ هَلْ هُنَّ مُمْسِكَٰتُ رَحْمَتِهِۦ ۚ قُلْ حَسْبِىَ ٱللَّهُ ۖ عَلَيْهِ يَتَوَكَّلُ ٱلْمُتَوَكِّلُونَ ﴿٣٨﴾

**38. Дуца гьел мушриказда гьикъани, МухӀаммад ﷺ, гьал зобалги ракьги жинца бижарав щив вугев абун, чара гьечӀого гьез дуда абизе буго Аллагь ﷻ вуго абун.** Цоги батӀияб жаваб кьезе гьезда кӀоларо. Кинабго халкъ мукӀураб буго гьаб махлукъ жинца бижарав, гьалъул тадбир гьабулев цо хан вукӀиналда.

ГӀадамал жиндилъ хилиплъараб жо буго гьаб кинабго махлукъ бижарав Халикъас гӀадамал хун хадур тӀаде рахъине гьаризе рукӀиналда. Гьеб ахираталъул амруялда инкар кквеялъ гьел инкарчагӀи тӀамулел руго Аллагьасдаги ﷻ гьесул расулаздаги инкар кквеялде. Гьез бицунеб рагӀиялъул магӀна буго гьаб махлукъ бижарав Халикъ вуго, амма гьев гьечӀо кинабго халкъалъ жиндие лагълъи гьабизе тӀадав, жив къиямасеб къоялъул БетӀергьанлъун вугев, жив цогояв Аллагь ﷻ абун.

**Дуца гьезда абе, МухӀаммад ﷺ, нужеца пикру гьабеха ва дида бице тӀадегӀанав Аллагьасе бокьани дие цо зарал гьабизе, гьел**

**нужер алагьзаби ругищха жидеда кIолел гьеб зарал дидаса нахъе босизе? Яги гьев Аллагьасе бокьани дие цо лъикIлъи гьабизе, гьел алагьзабазда кIолищха гьеб рахIмат дидасан кквезе?** Дие гьеб рахIмат гьукъизе? К1оларо гьел хъанчазда щибго жо гьабизе. **Дуца абе, МухIаммад ﷺ, дие гIейи гьабула дир БетIергьан Аллагьас. Гьев Аллагьасда тавакал тIамула киналго жидеца иман лъурал муъминзабаца.**

**39. Дуца абе, МухIаммад ﷺ! Я дир къавм! Нужеца нужерго гIамал гьабе куфру-ширкалъул, макру-хIиллаялъул нухалдаги чIун.**

قُلْ يَٰقَوْمِ ٱعْمَلُوا۟ عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنِّى عَٰمِلٌ ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٣٩﴾

**Х1акълъунго дунги дир гIамал гьабулев вукIине вуго: дида тIад къараб хIалалъ Аллагьасул диналде халкъ ахIулев вукIине вуго дун. Нужеда нахъа лъазе буго**

**40. Лъие букIине бугеб жал гIодорегIан гьарулеб гIазаб дунялалъул рокъоб ва лъида рещтIине бугеб жидеда тIад даимго чIараб ахираталъул гIазаб.**

مَن يَأْتِيهِ عَذَابٌ يُخْزِيهِ وَيَحِلُّ عَلَيْهِ عَذَابٌ مُّقِيمٌ ﴿٤٠﴾

**41. Х1акълъунго Дица дуда рещтIине гьабуна, МухIаммад ﷺ, гьаб хирияб Къуръан. хIакъаб диналдалъун дуца гIадамал Аллагьасул диналде ахIизе. Жив тIовитIун ккарав, жиндие Къуръаналъ пайда гьабурав чи жиндирго напсалъе пайда гьабурав чи вуго.**

إِنَّآ أَنزَلْنَا عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ لِلنَّاسِ بِٱلْحَقِّ ۖ فَمَنِ ٱهْتَدَىٰ فَلِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۖ وَمَآ أَنتَ عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ﴿٤١﴾

**Жив битIараб нухалдаса къосарав чи х1акълъунго жиндирго напсалъе зарал гьабулев чи вуго. Мун гьечIо, МухIаммад ﷺ, гьезда тIаде тIамурав гьел иман лъеялде хIал гьабун рачине.** Ва дуда гьикъизе гьечIо гьез гьабураб гIамалалдасан.

**42. ТIадегIанав Аллагьас хвезе гьарула гIадамал жидер рухIалги росун, жидер г1ажал щведал. Жал кьижун ругеб мехалъ хвечIого ругел гIадамалги Аллагьас жидер гIажал щвараб мехалъ хвезе гьарула. Кьижун ругел гIадамазул жиндие бокьарав чи Аллагьас рухI босун хвезе гьавула гьесул гIажал тIаде щун бугони.**

ٱللَّهُ يَتَوَفَّى ٱلْأَنفُسَ حِينَ مَوْتِهَا وَٱلَّتِى لَمْ تَمُتْ فِى مَنَامِهَا ۖ فَيُمْسِكُ ٱلَّتِى قَضَىٰ عَلَيْهَا ٱلْمَوْتَ وَيُرْسِلُ ٱلْأُخْرَىٰٓ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٤٢﴾

**Цогидал макьидасан рорчIун ракьалда тIад хьвадулел тола жидее цIараб мех тIубазегIан. Гьаб рехсараб жоялъулъги цIакъ кIудиял гIаламатал руго Аллагьасул хIалкIвеялда жидеца тIоритIел гьабулел, жидеца пикру гьабулел ва жидер гIакълу бугел гIадамазе.**

أَمِ ٱتَّخَذُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ شُفَعَآءَۚ قُلۡ أَوَلَوۡ كَانُواْ لَا يَمۡلِكُونَ شَيۡـٔٗا وَلَا يَعۡقِلُونَ ﴿٤٣﴾

**43.** Ва амма Аллагьасда инкар ккурал гIадамаз гьал гIаламатазул пикру гьабулеб гьечIо, гьездаса вагIзаги босулеб гьечIо.Гьез Аллагьасе бацIцIадаб гIибадат гьабиги тун **жидеца шапагIат гьабулел жал руго абун цIарги лъун хъанчал ва цогидал жал аллагьзабилъун ккуна.**

**Дуца гьезда абе, МухIаммад** ﷺ **: Гьал аллагьзабазе лагълъиййищха нужеца гьабулеб, гьезул щибго гIакълуги гьечIеб мехалъ ва щибго жоялда ханлъи ва ихтиярги гьечIеб мехалъ?»-абун.**

قُل لِّلَّهِ ٱلشَّفَٰعَةُ جَمِيعٗاۖ لَّهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ ثُمَّ إِلَيۡهِ تُرۡجَعُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Дуца абе, МухIаммад** ﷺ**: «ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго шапагIат гьаби. Гьесие буго зобалазулги ракьалъулги ханлъиги. Цинги ахираталда нуж киналго гьев Аллагьасде руссине гьаризе руго** нужер хIисаб-мизан гьабизе ва нужее жазаъ гьабизе»-абун.

وَإِذَا ذُكِرَ ٱللَّهُ وَحۡدَهُ ٱشۡمَأَزَّتۡ قُلُوبُ ٱلَّذِينَ لَا يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡأٓخِرَةِۖ وَإِذَا ذُكِرَ ٱلَّذِينَ مِن دُونِهِۦٓ إِذَا هُمۡ يَسۡتَبۡشِرُونَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьел мушрикал ругеб бакIалда жив цогояв Аллагьасул цIар рехсараб мехалъ** «Лаилагьа иллаллагь» - **абун гьел ахираталда иман лъечIел, Аллагь цо гьавуларел гIадамазул ракIал рукIкIун (данде къан), хIинкъун лъугьунел руго.**

**Аллагьги тун хъанчазул ва цоги аллагьзабазул цIарал рехсараб мехалъ ва гьезул биценги гьабураб мехалъ гьел цIакъ рохулел руго.** Гьаб гьечIищха цIакъ жагьилаб ва ахIмакъаб гIамал?

ТIадегIанав Аллагьасде щвезе мурадалда ахIулеб буго абун жидеца Аллагь гурев цоги жоялда ахIи байги гьебго ахIмакълъи ва жагьиллъи буго. ТIадегIанав Аллагь киназего гIаммав БетIергьан вуго. Гьев киназдаго гIагарда вуго ва гьезда тIаде валагьун вуго. Гьев БетIергьан Аллагьасда «Я Аллагь» абун ахIизе ресги букIаго, гьесда цеве хIелун, мутIигIлъун чIун гьесул гурхIел-рахIму тIалаб гьабизе ва гьелда хьул лъезе ресги букIаго цоги Аллагьасул махлукъ гьоркьоб ккун, гьезул мугъалда нахъа вахчун вукIин кин инсанасда берцин

бихьулеб?! Жиндир гIакълу камилав чиясул гIамал гьечIо гьаб, гьаб буго Аллагьасде ширк гьабулел г1адамазул г1амал. Аллагьас гIакълу ва иман камил гьабеги киналго муъминзабазул.

قُلِ ٱللَّهُمَّ فَاطِرَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ عَٰلِمَ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ أَنتَ تَحْكُمُ بَيْنَ عِبَادِكَ فِى مَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿٤٦﴾

**46. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца зобал-ракьал рижарав, дуда загьирабги, балъгоябги, рикIкIадабги жо лъалев! Мун вуго ХIаким дур лагъзал жиндилъ хилиплъун ругеб диналъул масъалаялъулъ. Дуца хIукму гьабе Аллагь гьал мушриказдаги дидаги гьоркьоб»** -абун. Дица кинабго амру Дуда тIамун тола. Мун вуго хIакъикъияв ва ахирияв хIаким.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса рицарал х1адисал руго радал т1аде рахъараб мехалъги, къаси босаде регулеб мехалъги гьаб аят ц1алун хадуб дуг1а гьабизе лъик1аб бук1иналда т1орит1ел гьабулел.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Ах1мадица бицараб х1адисалда буго: *«Жинда Аллагь разилъаяв Г1абдуллагь ибну Г1умарица цо кагъат бихьизе гьабуна ва жинца абуна: Аллагьасул свалат слам лъеяв аврагас нижеда гьаб дуг1а гьабизе лъазе гьабулеб бук1ана: Я дир Аллагь, я Дуца зобал-ракьал рижарав! Я Дуда загьирабги балъгоябги жо лъалев. Мун вуго кинабго жоялъул Аллагь ва кинабго жоялъул Бет1ергьан; Дица нуг1лъи гьабулеб буго мун гурев цоги Аллагь гьеч1о абун. Мун цогояв вуго ва дуе щивго г1ахьалчиги гьеч1о. Гьединго дица нуг1лъи гьабула хирияв Мух1аммад дур лагъ вуго абун, ва дур расулги вуго абун. Гьеб нуг1лъи гьабулеб буго киналго малаикзабацаги. Дица дудалъун ц1уни гьарулеб буго щайт1аналъул зараладаса ва гьелъ гьабулеб ширкалдасаги. Дица дудалъун ц1уни гьарулеб буго дица дирго напсалъе зарал бугеб мунагь гьабиялдаса, яги цониги бусурманчиясе дица зарал гьабиялдаса»*-абун.

وَلَوْ أَنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ مَا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا وَمِثْلَهُۥ مَعَهُۥ لَٱفْتَدَوْا۟ بِهِۦ مِن سُوٓءِ ٱلْعَذَابِ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۚ وَبَدَا لَهُم مِّنَ ٱللَّهِ مَا لَمْ يَكُونُوا۟ يَحْتَسِبُونَ ﴿٤٧﴾

**47. Жидеца Аллагьасде инкар ккун жидерго напсазе зулму гьабурал гIадамазе ахираталда гьаб дунялалда бугебщинаб бечелъи ва хазина кьуниги, цогиги гьедигIанаб бечелъи тIадеги кьуниги гьез гьеб кинабго жо кьезе букIана къиямасеб къоялъул квешаб гIазабалдаса жал хвасар гьаризе.**

**Гьел залимзабазда къиямасеб къоялъ бихьула ва гьезие загьирлъула жидеда гьеб букIинин абун ракIалде кколеб**

**букIинчIеб гIазаб.**

وَبَدَا لَهُمْ سَيِّئَاتُ مَا كَسَبُوا۟ وَحَاقَ بِهِم
مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Жидеца дунялалда гьабураб квешаб гIамалалъул жазаъ гьезда бихьула ва жал божуларого рукIараб, жидеца махсароде гьабулеб букIараб ахираталъул гIазабги гьезде решт1ула.**
Гьел мушриказ абулеб букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде гьавун: «Гьаб дуца къотIи гьабулеб гIазаб нижее гьанжего (дунялалдаго) гьабе!» – абун.

فَإِذَا مَسَّ ٱلْإِنسَـٰنَ ضُرٌّ دَعَانَا ثُمَّ إِذَا خَوَّلْنَـٰهُ
نِعْمَةً مِّنَّا قَالَ إِنَّمَآ أُوتِيتُهُۥ عَلَىٰ عِلْمٍۭ ۚ بَلْ هِىَ
فِتْنَةٌ وَلَـٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٤٩﴾

**49. Гьев капурав инсанасда цо къварилъи хъатIараб мехалъ гьес Дида ахIи балеб буго. Цинги Дица гьеб къварилъи тIаса босун гьесие нигIмат кьураб мехалъ жинца абулеб буго: «Х1акълъунго гьаб буго Аллагьас дие кьураб дида хIалтIи гьабизе ва хайир гьабизе лъалеб букIиналъ» - абун.**
**Гьес абухъин гьечIо амру. Гьеб къварилъи тIаде биччайги, хадуб нигIматал кьейги буго Дица гьев инсанасул хIалбихьи гьаби.** Балагьазда сабру гьабуладай абун, нигIматазда щукруги гьабуладай абун. **Кинниги гIемерисел гIадамал жидеда гьаб амру лъаларел руго.** Ва жидее нигIматал щвараб мехалъ гьездаса роххулел руго чIухIараб, щукру гьечIеб роххиялъ. Гьел нигIматалги жидер гьунаралдалъун щвана жидее абун ракIалде кколеб буго.

قَدْ قَالَهَا ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَمَآ أَغْنَىٰ عَنْهُم
مَّا كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Гьединаб чIухIараб хабар бицун букIана цересел умматазул капурзабацаги. Амма Дица гьезие гIазаб гьабизе хIукму гьабураб мехалъ жидее щибго кумек гьабичIо жидеца дунялалда гьабураб гIамалалъ ва жидер бечелъиялъ.**

فَأَصَابَهُمْ سَيِّـَٔاتُ مَا كَسَبُوا۟ ۚ وَٱلَّذِينَ
ظَلَمُوا۟ مِنْ هَـٰٓؤُلَآءِ سَيُصِيبُهُمْ سَيِّـَٔاتُ
مَا كَسَبُوا۟ وَمَا هُم بِمُعْجِزِينَ ﴿٥١﴾

**51. Гьезие жидеца гьабураб квешаб гIамалалъул гIазаб ва къварилъи щвана. Гьаб умматалдаса жидеца зулму гьабулел гIадамаздаги щвезе буго жидер гIамалалда рекъараб гIазаб. Гьел гьеч1о жидеца Аллагь гIажиз гьавулелллъун ва гьесул гIазабалдасан жал рорчIулелллъун.**

أَوَلَمْ يَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ يَبْسُطُ ٱلرِّزْقَ لِمَن يَشَآءُ

**52. Гьал мушриказда щай лъалареб х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь**

وَيَقْدِرُ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٥٢﴾

**вукIин жиндие бокьарав чиясе жинца ризкъи гIатIид гьабулев ва жиндие бокьарасе ризкъи дагь кьолевги.**

**Х1акълъунго гьаб цебехун бицараб жоялъульги руго жидеца иман лъурал гIадамазе Аллагьасул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал.** Гьезул иман жегиги цIикIкIине ва гьез цогидал гIадамаздехун дагIватги гьабизе.

۞ قُلْ يَا عِبَادِيَ الَّذِينَ أَسْرَفُوا عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ لَا تَقْنَطُوا مِن رَّحْمَةِ اللَّهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ جَمِيعًا ۚ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴿٥٣﴾

**53. Дуца абе, МухIаммад** ﷺ **! Я гьал жидеца напсазе зулму гьабурал, гьел мунагьазулъе ккезе гьарурал Аллагьасул лагъзал! Нужер хьул къотIуге Аллагьасул рахIматалдаса. Х1акълъунго Аллагьас киналго мунагьал чурула тавбу гьабун жив Аллагьасде вуссарав чиясул. Гьев Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабазда гурхIулев.**

وَأَنِيبُوا إِلَىٰ رَبِّكُمْ وَأَسْلِمُوا لَهُ مِن قَبْلِ أَن يَأْتِيَكُمُ الْعَذَابُ ثُمَّ لَا تُنصَرُونَ ﴿٥٤﴾

**54. Нуж русса нужер БетIергьан Аллагьасде гьесие мутIигIлъун ва гьесие тIагIат-гIибадат гьабун.**

**Нуж тIубанго гьев Аллагьасул амруялда нахърилълъа нужеда ццим бахъун Аллагьасул гIазаб нужее хIакълъилелде цере. Гьеб гIазаб нужеде тIаде бачIараб мехалъ нужее щивго чияс квербакъи гьабуларо ва нужедаса гIазаб нахъеги чIваларо.**

وَاتَّبِعُوا أَحْسَنَ مَا أُنزِلَ إِلَيْكُم مِّن رَّبِّكُم مِّن قَبْلِ أَن يَأْتِيَكُمُ الْعَذَابُ بَغْتَةً وَأَنتُمْ لَا تَشْعُرُونَ ﴿٥٥﴾

**55. Нуж нахърилълъа нужер БетIергьанас рещтIине гьабураб бищунго лъикIаб каламалда – Къуръаналда.** Гьелъул амру-нагью тIубан, гьелъ хIарам гьабураб хIарам гьабун, хIалал гьабураб хIалал гьабун. **Нужеда ракIалдаго гьечIого, нужеда лъазего лъачIого Аллагьасул гIазаб нужеде щвелалде цереккун.**

Гьеб Аллагьасул гIазаб бачIуна гьес хIукму-къадар гьабураб заманалъ. Гьеб бачIунеб заман цониги напсалда лъаларо ва гьел напсазда гьикъуларо нужее гIазаб гьабилищ абун. Гьеб гIазаб жинде щвезе бокьичIев чи кидаго Аллагьасдаса хIинкъун вукIине ккола.

Гьал аятал руго жидеца мунагь гIемер гьабурал, куфру-ширкалда

ругел, гӀаси-пасикъал чагӀи жидеца тавбу гьабиялда ахӀулел аятал. Къуръаналда жанир ругел тавбуялъул бицарал аятаздасан бищунго кӀудияб аят буго гьаб (53) аят. ТӀадегӀанав Аллагьас «Я дир лагъзал!» абун ахӀулеб буго жиндир лагъзал кӀодо гьарун ва гьел кантӀизе гьарун. Хадуб жинца гьезда амру гьабулеб буго «Нуж Аллагьасул рахӀматалдаса хьул къотӀун рукӀунге» абун. Гьелдаги хадуб жинца гьезда абулеб буго «Аллагьас киналго мунагьал чурула. Аллагь гурхӀулев ва мунагьал чурулев вуго» - абун. Гьаб аят цӀаларав ва гьалъул пикру гьабурав чи тавбу гьабиялде вачӀине тӀадаб буго. Гьаб берцинаб ахӀиялъе жинца жаваб кьечӀев чи абадияб жужахӀалъул гӀазабалъулъ вукӀин щибго гӀажаибаб жо гьечӀо: Гьеб бугелъул жинцаги тӀаса бищараб бакӀ.

Жинда Аллагь разилъаяв Савбанидаса имам АхӀмадица бицараб хӀадисалда буго: дида Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг рагӀана жинца абулев*: «Дие гьаб кинабго дунялалдаса ва гьениб бугеб лъикӀабщинаб жоялдасаги цохӀо гьаб аят бокьила» - абун. Цинги жинца гьаб (53) аят цӀалана.*

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидаса бицараб хӀадисалдаги буго: дида Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца абулев рагӀана: *«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасдалъун гьедула дун: нужеца гьал зобал-ракьазда гьоркьоб бугеб бакӀ цӀолелгӀадал мунагьал гьаруниги, цинги нужеца тавбу гьабун Аллагьасдаса мунагьал чури тӀалаб гьабуни Аллагьас нужер мунагьал чурула. Дир напс кодоб бугев Аллагьасул цӀаралдалъун гьедулев вуго дун: нужеца мунагьал гьарулел рукӀинчӀелани Аллагьас нужер бакӀалда цоги къавм бижизе букӀана жидеца мунагьал гьарулел, хадуб тавбуги гьабулел. Цинги гьезул мунагьалги чуризе рукӀана»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**56.** Нужеца тавбо гьабе ва Аллагьасда руса. **Нужеда ракӀалдаго гьечӀого цо Аллагьасул гӀазаб тӀаде щвараб мехалъ нужеца абич1ого бук1изе: «Вай дие бугеб пашманлъи ва къварилъи дица Аллагьасе тӀадаб гӀибадат гьабичӀого тей сабаблъун!**

**Дун вукӀана дица Аллагьги гьесул расулги махсароде гьавулевлъун! Аллагьасда иман лъурал муъминзабазда тӀад велъанхьулевлъун! ЦӀакъ мекъи ккун вугоха дун!»** - абун.

أَن تَقُولَ نَفْسٌ يَٰحَسْرَتَىٰ عَلَىٰ مَا فَرَّطتُ فِى جَنۢبِ ٱللَّهِ وَإِن كُنتُ لَمِنَ ٱلسَّٰخِرِينَ ﴿٥٦﴾

**57. Цоги гьеб напсалъ абич1ого бук1изе: «Аллагьас дунги хӀакъаб нухалда тӀовитӀун вукӀаравани дунги Аллагьасдаса хӀинкъарал**

أَوْ تَقُولَ لَوْ أَنَّ ٱللَّهَ هَدَىٰنِى لَكُنتُ مِنَ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٥٧﴾

**муъминзабаздаса вукIине вукIана» - абун.**

**58. Цогиги гьеб напсалъ абичIого букIизе жинда Аллагьасул гIазаб бихьараб мехалъ: «Гьанже дун дунялалде тIад вуссине гьавулевани дун иман лъун лъикIаб гIамал гьабулездаса вукIинаан» – абун.**

أَوۡ تَقُولَ حِينَ تَرَى ٱلۡعَذَابَ لَوۡ أَنَّ لِي كَرَّةٗ فَأَكُونَ مِنَ ٱلۡمُحۡسِنِينَ ٥٨

Гьев инсанасе жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**59. Духье дир расул вачIана, хIакъаб каламги бачIана. Дуца гьеб гьереси гьабуна, Дида иман лъезеги чIухIана. Мун вукIана хIакъаб диналда жидеца инкар ккурал гIадамаздаса абун.**

بَلَىٰ قَدۡ جَآءَتۡكَ ءَايَٰتِي فَكَذَّبۡتَ بِهَا وَٱسۡتَكۡبَرۡتَ وَكُنتَ مِنَ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٥٩

**60. Къиямасеб къоялъ жидеца Аллагьасде гIунтIизе гьабун гьереси бицунел рукIарал гIадамал дуда рихьизе руго, МухIаммад ﷺ, жидер гьурмал чIегIерлъун.**

وَيَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ تَرَى ٱلَّذِينَ كَذَبُواْ عَلَى ٱللَّهِ وُجُوهُهُم مُّسۡوَدَّةٌۚ أَلَيۡسَ فِي جَهَنَّمَ مَثۡوٗى لِّلۡمُتَكَبِّرِينَ ٦٠

**ЖужахIалда жаниб гьечIищха киналго чIухIарал гIадамал руссунеб бакI?** Жидер БетIергьан Аллагь цо гьавизе чIухIарал,гьесие гIибадат гьабизе чIухIарал, гьесул нигIматазда щукру гьабизе чIухIарал. Гьел гIадамал руссунеб бакI жагьаннама буго. Гьел гIадамалгун цадахъ рукIине руго жидеца Аллагьасул лагъзадериде данде чIухIи гьабурал, гьел хIакъир гьарурал гIадамалги.

**61. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамал гьеб къоялъул гIазабалдаса хвасар гьарула жидер бахьи буголъиялдалъун ва жидер мурадазда кверщел батиялдалъун.**

وَيُنَجِّي ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوۡاْ بِمَفَازَتِهِمۡ لَا يَمَسُّهُمُ ٱلسُّوٓءُ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ٦١

Гьебги алжаналъул абадиял нигIматал руго. **Гьезда щибго къварилъи хъатIиларо ва гьезда тIаде кинабгIаги пашманлъиги бачIунаро.** Цодагьабги цIикIкIун Аллагьасе гIибадат гьабун букIарабаниц абун рукIуна гьел.

**62. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца кинабго жо бижулев. Гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев, жиндие бокьараб жо гьабулев, жиндие бокьараб гьабичIого толев.**

ٱللَّهُ خَٰلِقُ كُلِّ شَيۡءٖۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ وَكِيلٞ ٦٢

**63. Гьев Аллагьасе буго зобазулги**

لَّهُۥ مَقَالِيدُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۗ وَٱلَّذِينَ

كَفَرُواْ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿٦٣﴾

**ракьалъулги хазинабазул ихтияр ва кверщел.**
Гьев вуго гьел хазинаби жиндие бокьухъин рикьулев, гьезул кIулал жинда кодор ругев.
**Жидеца Аллагьасдаги гьесул аятаздаги инкар ккурал гIадамал руго ахираталда жал чIорого хутIулел, гьениб жидее щибго лъикIлъи гьечIел.**

قُلْ أَفَغَيْرَ ٱللَّهِ تَأْمُرُوٓنِّىٓ أَعْبُدُ أَيُّهَا ٱلْجَٰهِلُونَ ﴿٦٤﴾

**64. Дуца абе, МухIаммад ﷺ : «Я гьал Аллагь лъаларел жагьилал ахIмакъал гIадамал!**
**Нужеца дида амруйищ гьабулеб дица Аллагьасеги гьабичIого цоги жоялъе гIибадат гьабе абун?** Гьаб аят рещтIине гьабуна мушрикаца аварагасде абидал дуца нижер аллагьзабазе лагълъи гьабе, цинги нижеца дур Аллагьасе лагълъи гьабизе буго абун.

وَلَقَدْ أُوحِىَ إِلَيْكَ وَإِلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكَ لَئِنْ أَشْرَكْتَ لَيَحْبَطَنَّ عَمَلُكَ وَلَتَكُونَنَّ مِنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٦٥﴾

**65. Х1акълъунго дуда вахIю гьабун буго, МухIаммад ﷺ, гьединго дуда цере рукIарал киналго расулаздаги عليهم السلام вахIю гьабун букIана: «Дуца Аллагьасдехун ширк гьабуни гьеб ширкалъ дур кинабго лъикIаб гIамал гIадада хвезе гьабула ва ахираталда мунги вукIуна жал чIорого хутIарал гIадамаздаса»- абун.**

بَلِ ٱللَّهَ فَٱعْبُدْ وَكُن مِّنَ ٱلشَّٰكِرِينَ ﴿٦٦﴾

**66. ЦохIо Аллагьасе гьабе дуца лагълъи ва мун вукIа Аллагьас жидее кьурал нигIматазда щукру гьабулел гIадамаздасан.**
ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндие хириял аварагзабаз ширк гьабулареблъи. Гьеб калам буго мушриказе цIакъго хIинкъи кьолеб калам: Аллагьас жиндир аварагги ширк сабаблъун гIазабалъе хIакъ гьавулеб мехалъ цогидал мушриказе цIакъаб гIазаб букIунеблъи лъазе кколеб жо буго. Гьединго гьаб рагIи буго муъминзабазеги хIинкъи кьолеб гьел цIунун рукIине балъгояб ширк абун жинда абулеб рияалдаса, ай бихьдае г1ибадат гьабиялдаса. Ва Аллагь гуреб жоялда ахIи бай, хьул лъей гьабиялдасаги.

وَمَا قَدَرُواْ ٱللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِۦ وَٱلْأَرْضُ جَمِيعًا قَبْضَتُهُۥ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ وَٱلسَّمَٰوَٰتُ مَطْوِيَّٰتُۢ بِيَمِينِهِۦ سُبْحَٰنَهُۥ وَتَعَٰلَىٰ عَمَّا

**67. ТIадегIанав Аллагьасул хIакъикъияб къадру лъан гьелда релълъараб кIодолъи гьабичIо Аллагьасе.**

يُشْرِكُونَ ﴿٦٧﴾

Капурзабазда ва мушриказда гьеб
къадру лъазего лъачIо, гьез Аллагьасдехун
ширк гьабуна, гьесие лагълъи гьабизе чIухIана.

Муъминзабилъун ругел гIадамалги гIемерал руго Аллагь вугин аби гуреб гьев Аллагь щив вугев, гьесул сипатал щал ругел, гьесул къадру-къимат ва гьунар-гуч кинаб бугеб, гьесул гурхIел ва ццим бахъи кигIанаб бугеб жидеда лъаларел, гьелъул пикруго гьабуларел.

Гьел бусурбаби релълъун рукIуна тIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жанир жал какарал капурзабазда: «Нижеца лагълъи гьабулеб буго нижер умумуз лагълъи гьабулеб батараб жоялъе» - абун жидеца абурал. Гьал бусурбабацаги ургъун буго «умумузул дин» абураб цIар, гьезда капурзабаца лъазе гьабун буго «Традиционный ислам» абураб рагIи абизе. Гьеб кIиябго рагIиялъул магIна буго тIад тарав ханасе мутIигIлъизе ккола гьев хан капурчи вугониги абураб. Цогиги гьеб рагIиялъул магIна буго капурал хIакимзабигун рекъон хIалтIизе ккола бусурбабазул диниял хIаракатчагIи абураб.

Гьеб рагIиялъул бищунго мухIканаб магIна буго: Аллагьасул дин ракьалда тIад букIиналъе гIоло жигьад гьабизе ккола абулел бусурбабиги. Исламияб дин ва бусурбаби куфруялъул лагълъиялда рукIине бегьуларо абулел гIалимзабиги; террористал ва экстремистал руго абураб. Гьал гIадамазда тIадегIанав Аллагьасул къадру лъалеб гьечIо, гьесие букIине кколеб кIодолъиги гьабулеб гьечIо, гьев Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъулелги гьечIо.

**Гьаб кинабго ракь Аллагьасул хъатиниб жаниб букIине буго Къиямасеб къоялъ. Гьесул кверщаликь буго кинабго махлукъ. Зобалги гьесул кваранаб рахъалда сукIун гIодор лъун рукIуна. Жив тIадегIанав ва жив вацIцIадав вуго Аллагь мушриказ гьесда гIунтIизе гьарулел сипатаздасан**. Гьаб рагIиялдаса мурад буго тIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъи баян гьаби. Нилъеца кIвар гьабизе кколаро гьал рагIабазул хIакъикъияб магIна ва мурад щиб бугеб абураб масъала лъазе гьабизе. Цересел гIалимзабазул гIадат буго гьединаб калам Аллагьас абураб хIалалъ тей ва гьелда тIад кIалъай гьабунгутIи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалдаги буго: *«Аллагьас Къиямасеб къоялъ кинабго ракь хъатикь къала, зобалги сукIун жиндир хьибилалда гIодор лъола, цинги жинца абула: «Дун вуго кинабго махлукъалъул хан. Киреха арал дол ракьалда тIад рукIарал ханзаби»* - абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِ فَصَعِقَ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ

**68. Исрапил малаикас ссуралъубе пула гьеб Къиямасеб къо чIезе гIагарлъидал.**

وَمَن فِي ٱلۡأَرۡضِ إِلَّا مَن شَآءَ ٱللَّهُۖ ثُمَّ نُفِخَ فِيهِ أُخۡرَىٰ فَإِذَا هُمۡ قِيَامٞ يَنظُرُونَ ﴿٦٨﴾

**Цинги зобалаздаги ракьалдаги тIад бугебщинаб жо хун гIодобе ккола, Аллагьасе бокьараб жо хутIизегIан.** Жабраил ва Микаил ва Г1арщ баччарал малаикзаби хутIизегIан, алжаналъур ругел хIурулгIинал ва гъилманал, гъарабашалги хутIизегIан. Живго Исрапил малаикги хутIула. **Цингиги Аллагьас амру гьабун Исрапил малаикас ссуралъуб пула ва кинабго халкъ жидер хобаздасан къватIире рахъун хIинкъун ва хIайранлъун чIола, щиб амрудай жидеде гьабила абун балагьун рукIуна.**

وَأَشۡرَقَتِ ٱلۡأَرۡضُ بِنُورِ رَبِّهَا وَوُضِعَ ٱلۡكِتَٰبُ وَجِاْيٓءَ بِٱلنَّبِيِّـۧنَ وَٱلشُّهَدَآءِ وَقُضِيَ بَيۡنَهُم بِٱلۡحَقِّ وَهُمۡ لَا يُظۡلَمُونَ ﴿٦٩﴾

**69. Циндаго Г1арасат майданги кинабго Къиямасеб къоялъул ракьги, БетIергьан Аллагьасул нур загьирлъун гьелдалъун гвангъун уна.**

**Г1адамазул гIамалал хъварал тIахьалги гIодор лъола жидер хIисаб-мизан гьабизе. Аллагьас халкъалда дин малъизе ритIарал аварагзабиги** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ**, лагъзадерил гIамал хъвалел рукIарал малаикзабиги рачун рачIуна.** Аварагзабазда гьикъула жидер умматаз ва къавмалъ щиб жаваб жидее кьураб абун. Г1амал хъвалел рукIарал малаикзабаздаги гьикъула гьел лагъзадерица гьабулеб гIамалалдаса гьезие нугIлъи гьабизе гьабун.

Цогиги абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг ва гьесул уммат жидеца нуг1лъи гьабизе рач1уна цересел умматазухъе аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рач1ана ва гьез Аллагьасул рисалат гьел умматазухъе щвезе гьабуна»-абун. **Цинги кинабго халкъалъул хIисаб-мизанги гьабула хIакъаб ва битIараб хIукму гьабун. Цониги напсалъе щибго зулмуги гьабуларо.** Гьеб напсалъ гьабураб лъикIаб гIамал нукъсан гьабуларо ва гьелъ гьабичIеб квешаб гIамал гьелда тIадги лъоларо.

وَوُفِّيَتۡ كُلُّ نَفۡسٖ مَّا عَمِلَتۡ وَهُوَ أَعۡلَمُ بِمَا يَفۡعَلُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Щибаб напсалъе жинца гьабураб гIамалалъул жазаъги тIубазе гьабула. Гьев Аллагь жинда лъик1 лъалев вуго жиндир лагъзадерица гьабураб гIамал.**

Гьев хIажатав гьечIо гIамал хъварал кагътаздеги, цIадирабаздаги, нугIзаздаги. Гьеб кинабго иш буго лагъзадерил щибго рагIи абизе рес гьечIеб хIалалъ гьезул гIамалалъе гIадилаб хIукму гьабизе гьел мукIур гьариялъе бугеб. Гьаб кинабго жоялде тIадеги гьев инсанасул щибаб лага кIалъазе гьабун, гьебги биччала нугIлъи гьабизе. Гьеб камилаб хIалалъ хIисаб-мизан гьабун хадуб кинабго халкъ кIиго къукъаялде

бикьула ва щибаб къукъа жидер гIамалалда рекъараб жазаълъун бугеб алжаналде яги жужахIалде лъугьине гьарула. Гьаб ахираб хIукму бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَسِيقَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ إِلَىٰ جَهَنَّمَ زُمَرًاۖ
حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءُوهَا فُتِحَتۡ أَبۡوَٰبُهَا وَقَالَ
لَهُمۡ خَزَنَتُهَآ أَلَمۡ يَأۡتِكُمۡ رُسُلٞ مِّنكُمۡ يَتۡلُونَ
عَلَيۡكُمۡ ءَايَٰتِ رَبِّكُمۡ وَيُنذِرُونَكُمۡ لِقَآءَ
يَوۡمِكُمۡ هَٰذَاۚ قَالُواْ بَلَىٰ وَلَٰكِنۡ حَقَّتۡ كَلِمَةُ
ٱلۡعَذَابِ عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ ٧١

**71. Жидеца Аллагьасде инкар ккурал гIадамал къукъа-къукъаби гьарун,** щибаб жамагIат малаикзабаца цере къотIун **жужахIалде рачуна. Гьел къукъаби жужахIалде аскIоре щвараб мехалъ гьелъул рагьаби рагьула.** Ва кутакаб бухIи ва квешаб махI, гIасияб цIадул гьаракь гьезда дандчIвала. **Цинги жужахIалда тIад тарал забаниятаца** (гIазабалъул малаикзаби) **гьезда кIалгьикъи гьабула нужехъе аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **рачIинчIищ нужедаго гьоркьоса жидеца нужее Аллагьасул аятал цIалулел ва нужее хIинкъи кьолел, гьаб жакъа къоялда нужеца дандчIвай гьабизе буго абун. Гьел гIадамаз абула: «РачIана нижехъе аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ**» - абун. Амма гьеб мукIурлъиялъ гьезие щибго мунпагIат гьабуларо. Гьезие хIакълъун буго Аллагьас капурзабазе гIазаб гьабизе буго абун гьабураб къотIи.**

قِيلَ ٱدۡخُلُوٓاْ أَبۡوَٰبَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَاۖ
فَبِئۡسَ مَثۡوَى ٱلۡمُتَكَبِّرِينَ ٧٢

**72. Гьездехун абула: «Нуж лъугьа жужахIалъул рагьабахъан жанире даимго гьеб жужахIалъур рукIинелъун». ЦIакъ квешаб рукъ буго ва руссунеб бакI буго Аллагьасда иман лъезе, гьесул расуласда нахърилълъине чIухIарал гIадамазе гьаб жагьаннама.**

وَسِيقَ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوۡاْ رَبَّهُمۡ إِلَى ٱلۡجَنَّةِ زُمَرًاۖ
حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءُوهَا وَفُتِحَتۡ أَبۡوَٰبُهَا وَقَالَ
لَهُمۡ خَزَنَتُهَا سَلَٰمٌ عَلَيۡكُمۡ طِبۡتُمۡ
فَٱدۡخُلُوهَا خَٰلِدِينَ ٧٣

**73. Дунялалъул рукъор Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьев Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабун жал хьвадарал гIадамалги рачуна алжаналдехун жамагIатал гьарун.** Гьел тахазда рекIине гьарун рачуна, ханасде тIаде рачунел къадру кIудиял гьалбал рачунеб хIалалъ. **Гьел муъминзаби алжаналде аскIоре щвараб мехалъ гьел алжаназул рагьаби рагьунго рукIуна гьезул хIурмат гьабун. Алжаналъул хъулухъ гьабулел малаикзабаз гьезда абула: «Нужее салам буго, баракат-рахIматги буго! Нужер х1ал лъик1лъана нуж куфру-ширкалъул ва нипакъалъул**

**чороклъабаздаса рацIцIадаллъун рукIиналъ. Гьал алжаназде жанире лъугьа нуж даимго гьенир жанир рукIунеллъун» - абун.**

وَقَالُوا۟ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى صَدَقَنَا وَعْدَهُۥ وَأَوْرَثَنَا ٱلْأَرْضَ نَتَبَوَّأُ مِنَ ٱلْجَنَّةِ حَيْثُ نَشَآءُ ۖ فَنِعْمَ أَجْرُ ٱلْعَـٰمِلِينَ ﴿٧٤﴾

**74. Гьеб алжан бихьараб мехалъ ва гьенире жанире лъугьунеб мехалъ тIадегIанав Аллагьасе рецц гьабун гьез абула: «Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе буго жинца нижее гьабун букIараб къотIи ритIухъ гьабурав ва жинца нижее гьаб алжаналъул ракь ирсалъе кьурав, гьелда жанир ниж нижее бокьараб бакIалда чIезе бегьулеблъун.**

**ЦIакъ лъикIаб ажру буго гьаб алжан жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъик1аб гIамал гьабурал муъминзабазе» - абун.**

Алжаналда жанив бищунго цеве Аллагьасул свалат салам лъеяв Мух1аммад авараг лъугьине гьавула, цинги гьесул умматалъул муъминзаби лъугьине гьарула. Гьел муъминзаби жидее берцин бихьараб бак1алде уна ва гьенир жал решт1араб мехалъ гьез абула: «Кинабго рецц Аллагьасе буго жинца нижее алжанал кьелин абун гьабураб къот1и т1убарав ва гьадин нижеего бокьараб бак1алда ниж ч1езе алжанал нижее ирсалъе кьурав»-абун.

وَتَرَى ٱلْمَلَـٰٓئِكَةَ حَآفِّينَ مِنْ حَوْلِ ٱلْعَرْشِ يُسَبِّحُونَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ ۖ وَقُضِىَ بَيْنَهُم بِٱلْحَقِّ وَقِيلَ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴿٧٥﴾

**75. Гьеб къоялъ дуда малаикзабиги рихьила, Аллагьасул Г1арщалда сверун лъугьун жидеца Аллагьасе тасбихI гьабулеллъун ва гьесие рецц гьабулеллъун. Гьадин хIакъаб хIукму гьабун кинабго халкъалъул амру тIубазе гьабула ТIадегIанав Аллагьас.**

**Гьеб макъамалда кинабго махлукъалъ ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьабун «ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَـٰلَمِينَ» абула.** Муъминзабаца Аллагьасе рецц гьабула жидее кьурал нигIматазде данде, капурзабацаги рецц гьабула жидее хIукму гIадилаб зулму гьечIеб гьабиялде данде. Кинабго махлукъалъго Аллагьасе рецц гьабула жиндир хIукму битIарав, хIикмат камилав хан гьев Аллагь вукIиналда данде.

ТIадегIанав Аллагьасе даимаб щукру ва рецц буго исламияб диналда нилъ т1орит1арав Аллагьас гьеб диналда нилъ хвезеги гьареги, ахираталда жив разиял муъминзабигун цадахъ тIадеги рахъине гьареги.

А-т1абарияс жинда Аллагь разилъаяв Жарир асхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: *«Цо къоялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзабазул цо къукъаялда абуна: «Дица нужее цIализе*

*руго «Сурату Ззумараялъул» ахириял аятал. Гьал аятал цIалараб мехалъ нужедаса жив гIодарав чиясе алжан букIине буго» - абун. Цинги аварагас ﷺ гьел аятал цIалана «Жидеца Аллагьасе гьабизе хIакъаб къадру гьабичIо» абураб аяталдаса байбихьун сурат тIубазегIан (67-74 аятал). Нижедаса цоял гIодулел рукIана, цогидал гIодулел рукIинчIо ва гьез абуна: «Я расулаллагь! Нижеца кигIан яхI бахъаниги нижж гIодизе абун нижеда гIодизе кIвечIо» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дица гьел аятал гьанжесалалъги цIализе руго. Нужедаса гIодизе бачIинчIев чияс гIодулеб хвелгIаги гьабе»* - абун».

Гьаб хIадис сахIихIаб бугин абичIониги хъвана. Гьаб хъваялъе гIиллаги буго–гьаб Сурату Ззумаралъул ахир буго цIакъ берцинаб, пасихIаб, жиб цIалулеб мехалъ назму цIалулеб гIадаб чвахи букIунеб ва берцинаб бакъан бачунеб гIадаб гьаракьги букIунеб. Гьаб Къуръан цоги мацIалде буссине гьабураб мехалъ кигIанго пасихIаб таржама бугониги гьеб Къуръаналъул пасихIлъи, назмуялъул берцинлъи, бакъаналъул хIеренлъи къватIибе кьезе кIоларо. Х1акъикъияб хIалалъ Къуръаналъул пасихIлъи ва берцинлъи бичIчIуларо Аллагьас жидее баракат бугеб, жиндилъ иманалъул нур бугеб гIелму кьурал гIадамазда гурони. Нилъеда тIадаб жо буго гьаб Къуръан Аллагьасул калам букIиналда божун, гьеб бищунго хирияб, пасихIаб ва даимго жиб нахъе хутIулеб ва жиндир хIукму кинабго умматалъе гIаммаб калам букIиналда божун гьеб цIали, гьелъул вагIза боси, гьелъул хIукмуялда нахърилълъин. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абухъин нилъер берал гIодулел гьечIони гьел гIодунгутIиялда ракI къварилъун, ракI гIодун рукIин. Аллагьас тавпикъ гьабеги жив разияб гIамал гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун «Сурату Ззумаралъул» тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе буго.

# 40. Сурату Гъа́фир

سُورَةُ غَافِرٍ

*Гъаб сурат Маккаялда рещтIине гъабураб бугелъул гъалда жаниб бицунеб хIукмуги Исламалъул аслиял рукнабилъун ругел Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ритIухъ гьари, ахираталда иман лъеялъул буго. ХIакъаб ва батIулаб, тIоритIел ва къосин цоцаде данделъун гьел цоцазде къацандизе гьарун, инсанасе вагIза гьабулеб буго ва гьев инсан хIакъаб жоялде вачунев вуго.ТIадегIанав Аллагьасул сипатаздалъун байбихьун, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал рицун, хадуб капурзабазул инкар ва гIамал кIодолъи бицун буго. Цересел умматазул гIасиял къавмазул ва гьезие гьабураб гIазабалъулги бицун буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ГIарщ баччун ругел хириял малаикзабазулги бицун буго.*

*Къиямасеб къоялъул хIинкъаби ва гьенир рукIунел къварилъабазул цо бутIа баян гьабун буго. Жидер БетIергьан Аллагьасда цере гьел капурзаби гIодогIанлъун, хIелун эхети баян гьабун буго. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъурал муъминзабазда ва иман лъезе чIухIарал залимзабазул бицун Муса аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ ва ПиргIавнил къиса бицун буго. Цогидал Мусал عَلَيْهِالسَّلَامُва ПиргIавнил къисабазулъ бицинчIев цо муъминчи ПиргIавнида цеве чIеялъул бицун буго: жинца хIакъаб рагIи бицун ПиргIавнги гьесул къавмги иман лъеялде ахIизе.*

*Муъминзабазе ва капурзабазе мисал бачун буго беццав чиясул ва канлъи бихьулев чиясул мисал бачун. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналде тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал баян гьарун руго. Сураталъул ахиралда Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал гьесул аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ гьереси гьарурал гIадамал руссунеб бакI ва гьезул букIунеб квешаб хIал баян гьабун буго.*

*Гьаб сураталда цIар лъун буго «Жинца мунагьал рахчулев» абураб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIаралдалъун гьеб цIаралдалъун: сурат байбихьун букIиналъ. Гьаб сураталда цогиги «Муъминчиясул сурат» абунги абула гьелда жаниб ПиргIавнил къавмалдаса жинца иман лъурав чиясул хабар бицун бугелъул.*

*Къуръаналда жаниб анкьго сурат буго жидер байбихьи «ХIа мим» абун бугел. Гьезул хиралъи бицарал хIадисалги руго. Гьезда цIар тун буго Къуръаналъул бакьулъ бакI (сердцевина), Къуръаналъул хьон абун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну МасгIудица абуна: «Дун ХIа,мимал цIализе лъугьараб мехалъ алжаналъул ахакь сверулев вугев гIадин вукIуна» - абун.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

حمٓ ﴿١﴾

1. **Х1а, Мим.**
ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб.

تَنزِيلُ ٱلْكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْعَلِيمِ ﴿٢﴾

2. **Гьаб хирияб Къуръан буго Жиндир гуч бергьарав, жиндир гIелму камилав.**
**Жиндир махлукъалъул киналго ахIвалал жинда лъалев, гьезие мустахIикъаб жоги жинда лъалев, жиндие бокьараб жо гьабизе жиндилъ гьунарги, гучги бугев ТIадегIанав Аллагьас жиб рещтIине гьабураб.**

غَافِرِ ٱلذَّنۢبِ وَقَابِلِ ٱلتَّوْبِ شَدِيدِ ٱلْعِقَابِ ذِى ٱلطَّوْلِ ۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ إِلَيْهِ ٱلْمَصِيرُ ﴿٣﴾

3. **Жинца мунагьал рахчулев, жинца лагъзадерил тавбу къабул гьабулев. Жиндехун гIасилъарал гIадамазе гIакъуба гьаби гучав. Жиндир цIобрахIму ва нигIматал кьейи гIемерав.**
**Жив гурев цоги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьечIев вуго гьев Т1адег1анав Аллагь:** жив Халикълъун, Разикълъун, МагIбудлъун (жиндие лагълъи гьабулев) вугев. **Ахираталда кинабго халкъалъул руссинги гьев Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **буго.** Къиямасеб къоялъ жинца хIисаб-мизан ва жазаъ гьабулев хан цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.

مَا يُجَٰدِلُ فِىٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَلَا يَغْرُرْكَ تَقَلُّبُهُمْ فِى ٱلْبِلَٰدِ ﴿٤﴾

4. **Гьаб Къуръаналда къацандуларо, жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **аятал нахъеги чIваларо Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал, авараг гьереси гьавулел гIадамаз гурони.**
**Гьел инкарчагIи гьаб дунялалъул рукъор хьвадиялде балагьун,** гьезул бечелъиялда бахиллъун, гьезул чIухIарал минабаз гIажаиб гьавун, **гьелдалъун мун гуккизе чIоге, я гьав муъминав инсан!** Гьеб буго цIакъ хехго тIаса унеб, жинда цохIо лахIзатальги божи гьечIеб дунялалъул чIаголъи. Гьеб дунялалде ракI гъун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIочон хьвадарал къавмазул ахир кин ккарабали лъазе бокьани – гIенекке дуе бицунеб хабаралда ва гьелдасан вагIзаги босе.

كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَٱلْأَحْزَابُ مِنۢ بَعْدِهِمْ ۖ وَهَمَّتْ كُلُّ أُمَّةٍۭ بِرَسُولِهِمْ لِيَأْخُذُوهُ ۖ وَجَٰدَلُوا۟ بِٱلْبَٰطِلِ لِيُدْحِضُوا۟ بِهِ ٱلْحَقَّ فَأَخَذْتُهُمْ ۖ فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ﴿٥﴾

5. Гьаб дур умматалъ мун гьереси гьавуна абун дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ!
**Гьездасан цере рукIарал НухIил къавмалъги ва цогидал гьездасан хадур рукIарал къавмазги жидеда**

**ритIарал аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьаруна.**

**Гьеб щибаб къавмалъ къасд гьабуна жидер аварагасе къварилъизарал гьабизе.** Аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ чIвазе къасд гьабуна цо-цо къавмаз ва гьез аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ чIвана. **Гьел къавмаз батIулаб жоги бицун хIакъаб жо къезабизе, гьеб хвезабизе яхI бахъи гьабуна. Дица гьел къавмал Дир гIазабалдалъун ккуна. Кинаб гIазабха Дица гьезие гьабураб?** ЦIакъ квешаб гIазаб гьабуна: гьел къавмал гьалаг гьарун гьезул наслу бакъвазе гьабуна. Гьезул чIухIарал хъулби-кIалгIабиги чIвадаллъун гьаруна. Гьезул бечелъи хазинаги гIадада хвезе гьабуна.

وَكَذَٰلِكَ حَقَّتۡ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ أَنَّهُمۡ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِ ٦

**6. Гьадинаб гIазаб щвезе букIин хIакъаб буго, я МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, дур умматалъул капурзабаздаги. Х1акълъунго гьел руго жал жужахIалъул агьлулъун ругел гIадамал.**

ٱلَّذِينَ يَحۡمِلُونَ ٱلۡعَرۡشَ وَمَنۡ حَوۡلَهُۥ يُسَبِّحُونَ بِحَمۡدِ رَبِّهِمۡ وَيُؤۡمِنُونَ بِهِۦ وَيَسۡتَغۡفِرُونَ لِلَّذِينَ ءَامَنُواْۖ رَبَّنَا وَسِعۡتَ كُلَّ شَيۡءٖ رَّحۡمَةٗ وَعِلۡمٗا فَٱغۡفِرۡ لِلَّذِينَ تَابُواْ وَٱتَّبَعُواْ سَبِيلَكَ وَقِهِمۡ عَذَابَ ٱلۡجَحِيمِ ٧

**7. Жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ГIарщ баччарал малаикзаби ва гьеб гIарщалда сверун ругел Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **хириял малаикзабиги жидеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тасбихI гьабулел руго, гьесие рецц гьабулел ва гьесдаса муъминзабазул мунагьал рахчи тIалаб гьабун гьесие хIелун дугIа гьабулелги руго.**

**Гьел малаикзабаца абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Дур рахIмат ва гIелму кинабго жоялда жинца щвей гьабулеб буго. Гьеб дур рахIматалдалъун дуца мунагьал чуре жидеца тавбу гьабун дур хIакъаб диналда руссарал ва гьелда чIарал муъминзабазул. Ва Дуца гьел цIуне Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**, жужахIалъул гIазабалдасаги.**

رَبَّنَا وَأَدۡخِلۡهُمۡ جَنَّٰتِ عَدۡنٍ ٱلَّتِي وَعَدتَّهُمۡ وَمَن صَلَحَ مِنۡ ءَابَآئِهِمۡ وَأَزۡوَٰجِهِمۡ وَذُرِّيَّٰتِهِمۡۚ إِنَّكَ أَنتَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ٨

**8. Я нижер БетIергьан! Дуца гьел муъминзаби лъугьине гьаре жал даимго жанир рукIунел алжаназда, Дуца гьел муъминзабазе ва гьезул жидеца иман лъурал умумузе жиб къотIи гьабун букIараб гьеб алжанги.**

**Гьезул руччабазе ва гьезул лъималазеги жиб къотIи гьабураб, жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабун бугони. Х1акълъунго Мун вуго БетIергьан Аллагь дур гуч бергьарав ва дур хIукмуялъуль хIакимияв,** жинда жаниб маслихIат ва пайда бугеб хIукму гурони гьабуларев.

وَقِهِمُ ٱلسَّيِّـَٔاتِۚ وَمَن تَقِ ٱلسَّيِّـَٔاتِ يَوْمَئِذٍ فَقَدْ رَحِمْتَهُۥۚ وَذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿٩﴾

**9. Дуца гьел муъминзаби цIуне, БетIергьан, гьез хадур мунагьал гьариялдасаги. Дуца жив мунагьаздаса цIунарав чи вуго мун жинда гурхIарав чи.**

**Гьеб дур гурхIел жидее щвей буго бищунго кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва бахьи буголъи.**

ТIадегIанав Аллагьас гьаб лъабго аяталда жаниб бицараб жоялъул магIна буго: Аллагьасе ﷻ хириял малаикзаби гьесие даимго тасбихI-сужда гьабун гьесие гIибадат гьабулеллъун рукIин, гьел Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе чIухIуларел рукIинги. Гьал капурзаби щиб жоялда божун Аллагьасда ﷻ гIасилъулел? Гьел щай Аллагьасдаса ﷻ хIинкъуларел?!

К1иабилебги магIна буго: хириял малаикзабаца муъминзабазе дугIа гьабизе байбихьилелде цебе Аллагьасе ﷻ рецц гьабулеб буго, гьесул гурхIел-рахIму бергьараб букIин, гIелму-лъай камилаб букIин бицунеб буго. Гьаб буго муъминзабазда дугIа гьабиялъул адаб лъазе гьабун Аллагьас ﷻ гьезда гьабулеб гурхIел ва малъа-хъвай.

Лъабабилебги пайда буго: Муъминзабазда рекъараб буго жидеца дугIа гьабулеб мехалъ жидер умумузе ва агьлу-хъизаналъе гIаммаб дугIа гьаби, киналго муъминзабазда щвей гьабулеб дугIа гьабиги. Гьеб буго гурхIел-рахIму букIиналъул гIаламат, гьеб гурхIел-рахIму букIин муъминчиясул гIаламат буго ва гьесдаса Аллагьас ﷻ тIалаб гьабулеб жоги буго.

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ يُنَادَوْنَ لَمَقْتُ ٱللَّهِ أَكْبَرُ مِن مَّقْتِكُمْ أَنفُسَكُمْ إِذْ تُدْعَوْنَ إِلَى ٱلْإِيمَٰنِ فَتَكْفُرُونَ ﴿١٠﴾

**10. Х1акълъунго къиямасеб къоялъ капурзабазде ахIула: «Нужеда Аллагьасул ﷻ ццим бахъи цIакъ гучаб буго нужерго напсазда нужер ццим бахъиналдаса.**

**Дунялалдаго Нуж Аллагьасде ﷻ иман лъеялде ахIулел рукIана, амма нужеца гьеб ахIиялъе жаваб кьечIо ва нуж Аллагьасде ﷻ инкар ккун чIана.** Гьелдалъун нужеда Аллагьасул ﷻ ццимги бахъана. Гьанже нуж пащманлъана абун щибго жо хисизе гьечIо».

قَالُواْ رَبَّنَآ أَمَتَّنَا ٱثْنَتَيْنِ وَأَحْيَيْتَنَا ٱثْنَتَيْنِ فَٱعْتَرَفْنَا بِذُنُوبِنَا فَهَلْ إِلَىٰ خُرُوجٍ مِّن سَبِيلٍ ﴿١١﴾

**11. ЖужахIалъе жал хIакълъараблъи лъараб мехалъ капурзабаца абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца ниж кIиго нухалъ хвезе гьаруна ва кIиго нухалъ**

**чIагоги гьаруна гьанже ниж мукIурлъана нижер мунагьазе.**
Нижеда якъинго лъана ниж мекъи ккараблъи. **Гьанже нижее гьаб жуждахIалдаса къватIире рахъун дунялалде тIад руссине нух гьечIищ?** Гьединаб рес-санагIат гьечIищ? Нижеца мун разилъулеб гIамал гьабизе ва гьаб гIазабалдаса ниж хъвасарлъизе!
К1иго нухалъ хвезе гьаруна абураб рагIиялъе магIна гьабун гIалимзабаца абуна: цин жал рукIинчIо дунялалъул чIаголъиялда. Цинги чIаго гьарун, хадур хвезе гьаруна абураб. К1иго нухалъ чIаго гьаруна абураб рагIиялъул магIнаги буго цо нухалъ дунялалда чIаго гьаруна, цинги ахираталдаги чIаго гьаруна абураб.

ذَٰلِكُم بِأَنَّهُۥٓ إِذَا دُعِيَ ٱللَّهُ وَحۡدَهُۥ كَفَرۡتُمۡ وَإِن يُشۡرَكۡ بِهِۦ تُؤۡمِنُواْۚ فَٱلۡحُكۡمُ لِلَّهِ ٱلۡعَلِيِّ ٱلۡكَبِيرِ ١٢

**12. Гьел капурзабазе жаваб гьабун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан абула: «Х1акълъунго гьеб нужее бугеб гIазаб буго нуж Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда ахIараб мехалъ нужеца гьелда инкар кквеялъ, Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабиялде нуж ахIарал чагIазда нужеца иман лъуна ва нуж гьезда нахърилъиналъги. Гьанже хIукму гьабулев чи Жив к1удияв ва т1адег1анав цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго.** Гьел хъанчазе ва цогидал аллагьзабазе жакъа щибго рагIи ва ихтияр гьечIо. Нужее гьаб гIазабалдаса хвасарлъиги гьечIо.

هُوَ ٱلَّذِي يُرِيكُمۡ ءَايَٰتِهِۦ وَيُنَزِّلُ لَكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ رِزۡقٗاۚ وَمَا يَتَذَكَّرُ إِلَّا مَن يُنِيبُ ١٣

**13. Гьев БетIергьан Аллагь вуго нужер хан, я гьал гIадамал! Жинца нужеда аятал ва гIаламатал рихьизе гьарулев.**
Жив цо вукIиналда ва жиндир хIалкIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел. **Жинца нужее зодисан ризкъиги рещтIине гьабулев:** цIад базе гьабулев, гьелдалъун нужее ах-хур бижизе гьабулев. **Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гьал гIаламатал рихьуларо ва гьезул вагIзаги босуларо жал Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда тIад чIарал муъминзабаца гурони.** Жидеца тавбу гьабун лъикIаб гIамал гьабулел, гIадамазе рихьдае ва реццалъе гIамал гьабиялдаса, мунапикълъи гьабиялдасаги жал рикIкIадал.

فَٱدۡعُواْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ وَلَوۡ كَرِهَ ٱلۡكَٰفِرُونَ ١٤

**14. Нужеца гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабе куфру-ширкалдаса бацIцIадаб, гьеб капурзабазе рихунеб бугониги ва гьез**

**нужеде рагъ гьабулеб бугониги.**

رَفِيعُ ٱلدَّرَجَٰتِ ذُو ٱلْعَرْشِ يُلْقِى ٱلرُّوحَ
مِنْ أَمْرِهِۦ عَلَىٰ مَن يَشَآءُ مِنْ عِبَادِهِۦ لِيُنذِرَ
يَوْمَ ٱلتَّلَاقِ ﴿١٥﴾

**15. Жиндир даражаби тIадегIанав вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **: кинабго ханлъи** ва тIадегIанлъи жиндие бугев. **Жиб кIудияб Г1арщалъул БетIергьанги вуго.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижараб махлукъалъул бищунго кIудияб жо буго абуна гьеб Г1арщ. Гьеб буго зобалазулги ракьазулги киналго халкъазда ва ракьазда жиб сверун бугеб. Гьеб Г1арщалъул БетIергьан вукIин, гьелда тIадегIан вукIин буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ханлъи ва къудрат гучаб букIиналъул гIаламат. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир халкъалдаса жиндие вокьарав чиясде витIула жиндир вахIю босун Жабраил малаик. Гьеб вахIюялдалъун расулас** ﷺ **умматалъе хIинкъи кьезе кинабго халкъ тIаде бахъине гьабун цоцаде данделъулеб къиямасеб къоялъул гIазабалдалъун.** Жиндилъ БетIергьан Аллагьги гьесул лагъзалги данде чIвалеб, зобалазулги ракьалъулги агьлу цоцаде данде чIвалеб.

يَوْمَ هُم بَٰرِزُونَ لَا يَخْفَىٰ عَلَى ٱللَّهِ مِنْهُمْ شَىْءٌ
لِّمَنِ ٱلْمُلْكُ ٱلْيَوْمَ لِلَّهِ ٱلْوَٰحِدِ ٱلْقَهَّارِ ﴿١٦﴾

**16. Гьеб къоялъ кинабго халкъ Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **цебе чIун букIуна: гьел щибго жоялъ рахчизе гьаруларо.** Гьеб Г1арасат майдан цIан битIараб авлахъалда релълъун букIуна. **Гьеб халкъалъул цониги гIамал, рагIи ва рекIел хиялги Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **балъго букIунаро.** Кинабго жо гьесда лъалеб букIуна. **«Жакъа тIобараб ханлъи ва кIодолъи щив чиясе бугеб?» - абун ахIула Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **.** Гьесие жаваб гьабизе кIолев щивго чи вукIунаро ва БетIергьан Аллагьас жинцаго жаваб гьабула: **«Жиндир гуч бергьарав, жив цогояв Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **буго жакъа тIобараб ханлъи» - абун.**

ٱلْيَوْمَ تُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسٍۭ بِمَا كَسَبَتْ لَا
ظُلْمَ ٱلْيَوْمَ إِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿١٧﴾

**17. Жакъа щибаб напсалъе жазаъ гьабизе буго жинца гьабураб гIамалалда рекъараб, жакъа кинабгIаги зулмуги букIине гьечIо. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца хIисаб-мизан цIакъ хех гьабулев вуго.** Гьес кинабго халкъалъул хIисаб цохIо заманаялъ гьабула. Инсанасда релълъараб гьечIо БетIергьан Аллагьасул тIабигIат: цо иш гьабулев вугони инсанасда цоги иш цадахъ гьабизе кIоларо. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ кIола кинабго халкъалъул хIисаб цого заманаялъ гьабизе. Дунялалъул рукъоб кинабго халкъалъе ризкъи цадахъго кьолеб букIараб гIадин, ахираталда гьезул хIисабги цадахъго гьабула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдасан бицараб хIадисалда буго: *«Цо къо къалъуде щолеб заманалда жаниб алжаналъул агьлу алжаналде жанибе лъугьун хIалхьон букIуна, жужахIалъул агьлу жужахIалдеги лъугьун букIуна»*-абун. Х1адис ибну Жаририца ва ибну абиХ1атимица бицана.

وَأَنذِرْهُمْ يَوْمَ ٱلْـَٔازِفَةِ إِذِ ٱلْقُلُوبُ لَدَى ٱلْحَنَاجِرِ كَـٰظِمِينَ ۚ مَا لِلظَّـٰلِمِينَ مِنْ حَمِيمٍ وَلَا شَفِيعٍ يُطَاعُ ﴿١٨﴾

**18. Дуца мушриказе хIинкъи кье, МухIаммад ﷺ, жиб цIакъ гIагарда бугеб Къиямасеб къоялъул гIазабалдалъун. ГIемер хIинкъун жидер ракIал карандасан къватIире кIанцIизе хIадурлъун щокъроре рахун рукIунеб. Кутакаб хIинкъи ва пащманлъи жаниб бахчун гьел рукIунеб. Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъун жидеца напсазе зулму гьабурал гIадамазе гьеб къоялъ гьудул-гьалмагъ вукIунаро ва гьезие шапагIат гьабулев чиги вукIунаро гьездаса гIазаб борхизе кIолев.**

يَعْلَمُ خَآئِنَةَ ٱلْأَعْيُنِ وَمَا تُخْفِى ٱلصُّدُورُ ﴿١٩﴾

**19. ТIадегIанав Аллагьасда лъала нужер бералъ гьабураб хиянатги:** гьеб цIогьор гIадин хIарамаб бак1алде балагьараблъи лъала. **Нужер ракIазда жаниб бахчун бугеб балъголъиги лъала гьев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **.**

Х1арамаб бакIалде бер балагьараб мехалъ нужер рекIелъе бачIунеб хивалги лъала. Гьав Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ балъго хутIила абун нужеца щибго хIарамаб ва карагьатаб жо гьабуге, я гьал муъминзаби!

وَٱللَّهُ يَقْضِى بِٱلْحَقِّ ۖ وَٱلَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ لَا يَقْضُونَ بِشَىْءٍ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْبَصِيرُ ﴿٢٠﴾

**20. Т1адег1анав Аллагь вуго жинца хIакъаб жоялдалъун хIукму гьабулев. Гьев Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун жидеца лагълъи гьабулел хъанчал руго жидеда щибго жоялъулъ хIукму гьабизе кIоларел.**

Гьел ругелъул рухI гьечIел, гIакълу гьечIел, гIадамазул квераз цIул, гамачI ва цогидабги жо бикIун, буцIун гьарурал къаркъалаби.

**Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва бихьулев.** Балъго щурун бицараб жоги гьесда рагIула, рекIелъ ругел пикрабиги гьесда рихьула ва лъала.

۞ أَوَلَمْ يَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَيَنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَـٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ كَانُوا۟ مِن قَبْلِهِمْ ۚ كَانُوا۟ هُمْ أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَءَاثَارًا فِى ٱلْأَرْضِ

**21. Гьал Маккаялъул мушрикал сапаразде хьвадуларищ ва гьез пикру гьабуларищ жидеда цере рукIарал умматазул ахир киндай ккана абун.**

فَأَخَذَهُمُ ٱللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ وَمَا كَانَ لَهُم مِّنَ ٱللَّهِ مِن وَاقٍ ﴿٢١﴾

**Гьел гIемерго къуват-гуч бугелги рукIана ва жидеца ракьалда тIад шагьарал, росаби ран гIезегIанго лъалкIалги тун рукIана.**

**Жал гIаси-пасикълъиялда чIараб мехалъ ва жидер мунагьалги гIемерлъараб мехалъ гьел Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьалаг гьаруна. Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса гьел цIунизе кIолев щивго чиги вукIинчIо.** Я дунялалъул ханзаби рукIинчIо гьезие квербакъи гьабулел, яги гьез жидее лагълъи гьабурал аллагьзаби рукIинчIо.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانَت تَّأْتِيهِمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَكَفَرُوا۟ فَأَخَذَهُمُ ٱللَّهُ إِنَّهُۥ قَوِىٌّ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٢٢﴾

**22. Гьел гьалаг гьариялъе сабабги букIана жал Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **диналде ахIулел аварагзаби**عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рачIун рукIин, гьез баянал аятал ва хIужабиги рачIун рукIин. Гьел къавмаз инкар ккуна Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъезе, гьесул расулаздаги** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **мутIигIлъизе.**

**Цинги Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьел жиндир гучаб гIазабалдалъун ккуна. Х1акълъунго Аллагь жив гучав вуго, жинда гIасилъаразе гIакъуба къвакIараб гьабулевги вуго.**

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَا وَسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ﴿٢٣﴾

إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَهَٰمَٰنَ وَقَٰرُونَ فَقَالُوا۟ سَٰحِرٌ كَذَّابٌ ﴿٢٤﴾

**23.24. Х1акълъунго Дица Муса аварг витIана Дир мугIжизаталгун ва жал баянал хIужжабигун жидеца ракьалда тIад пасалъи ва зулму гьабун хьвадулел рукIарал Пирг1авнида, гьесул вазир Гьаманида, гIемераб хазинаялъул бетIергьанлъун вахъун вукIарав Къарунидаги** ва гьезда нахърилълъарал къибтIияздаги.

**Гьез Муса аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **хIакъалъулъ абуна: «Гьав чи вуго цIакъ сихIру гьабизе ругьун гьабурав сахIир ва жинца гьереси бицунев чи» – абун.**

فَلَمَّا جَآءَهُم بِٱلْحَقِّ مِنْ عِندِنَا قَالُوا۟ ٱقْتُلُوٓا۟ أَبْنَآءَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ وَٱسْتَحْيُوا۟ نِسَآءَهُمْ وَمَا كَيْدُ ٱلْكَٰفِرِينَ إِلَّا فِى ضَلَٰلٍ ﴿٢٥﴾

**25. Гьезухье Муса авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **хIакъаб диналдалъун вачIараб мехалъ, Дир рахъалъан жив ритIухъ гьавулел мугIжизаталги рихьизе гьарураб мехалъ ПиргIавница ва гьесул агьлуялъ абуна: «Нужеца бануисраилазул Мусада иман лъурал гIадамазул бихьинал лъимал чIвае, гьезул ясал чIаго те» – абун.**

Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гьавилелде цебеги ПиргІавница гьеб зулму гьабулеб букІана бануисраилазе. Гьанже Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ баянал хІужабигун вачІиндал, жиндир сихІручагІиги гьесда иман лъун жиндаса руссиндал, ПиргІавница хІукму гьабуна бануисраилал дагьлъизе гьезул васал чІвазе ва гьезул ясал жидее гъарабашаллъун ккьезе. **Ва амма гьел капурзабазул макру ва тадбир жиб гІадада хвараб, чІобого хутІараб букІуна.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ толаро гьезул макру къезе гьабичІого ва гьел инжит гьаричІого.

**26. ПиргІавница жиндир гІакълучагІазда абуна: «Нужеца дун те дица Муса чІвазе, цинги гьев Мусаца ахІи бае абе жиндир БетІергьанасда дир чІваялдаса жив хвасар гьаве абун.**

وَقَالَ فِرْعَوْنُ ذَرُونِيٓ أَقْتُلْ مُوسَىٰ وَلْيَدْعُ رَبَّهُۥٓ ۖ إِنِّيٓ أَخَافُ أَن يُبَدِّلَ دِينَكُمْ أَوْ أَن يُظْهِرَ فِي ٱلْأَرْضِ ٱلْفَسَادَ ﴿٢٦﴾

Гьеб рагІи гьес абуна жиндир къавмалда бихьизабизе жив Мусадаса хІинкъулареблъи, гьесул Аллагьасдасаги جَلَّ جَلَالُهُ хІинкъулареблъи. ПиргІавница къавмалда абулеб букІиндал дун вугин нужер бищунго кІудияв ва тІадегІанав БетІергьан абун.

АбухІаян абулев гІалимас абуна: «МухІканаб жо буго жиндие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагІнат батарав ПиргІавнида лъалеб букІин Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُвукІин, гьес бихьизе гьабураб мугІжизатги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан бугеб баянаб ва загьираб далил букІин гьев авараг вукІиналда ва амма гьев ПиргІавн цІакъ хъубав, къабихІав чи вукІана, гьесие гІадамал чІвайги щибго кІвар гьечІеб жо букІана.

Гьесие цІакъ бокьун букІана жиндир ханлъи бахъизе вачІарав Муса чІвазеги, киннигин гьесул рекІелъ хІинкъиги букІана гьев Муса чІваялдалъун жинда тІад гьалаглъи хехго бачІинилин. Гьедин бугелъул жив агьлуялда мушавара гьабулев гІадин кІалъана: «Дун Муса чІвазе те нужеца» - абун, гьеб агьлуялъ жив Муса чІваялдаса нахъе чІваравлъун вукІине. Хадубги ПиргІавница абуна: **«Х1акълъунго Дун хІинкъун вуго гьав чияс нужер дин хисизе гьабилин абун** – нужеца дие гьабулеб лагълъиги тун гьесул Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабила» – абун. **«Яги гьес гьаб ракьалда тІад цо гІадлу хвей ва пасалъи гьабила абун хІинкъун вуго дун»** – абун.

Г1арабиязул кици буго: «ПиргІавница вагІза гьабулеб буго» - абун. Гьеб кици бачІараб бакІги гьаб аят буго. Унгоги гьечІищха гьаб бакІалда ПиргІавн вагІзачилъун кІалъалев?!

**27. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُабуна: «Х1акълъунго дица дир БетІергьан Аллагьасдалъун ва нужерги БетІергьан**

وَقَالَ مُوسَىٰٓ إِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُم مِّن كُلِّ مُتَكَبِّرٍ لَّا يُؤْمِنُ بِيَوْمِ ٱلْحِسَابِ ﴿٢٧﴾

**Аллагьасдалъун цIуни гьарулеб буго, щивав жинца Аллагьасда ﷻ ва Къиямасеб къоялда иман лъоларев, жив чIухIарав ва гIамал кIудияв чиясул заралалдасан» - абун.**

Гьеб дугIа Мусаца гьабуна цохIо ПиргIавнил цIар бахъичIого гIаммаб хIалалъ киналго зулмучагIазул зулмуялдаса цIуни гьарулевлъун вукIун.

وَقَالَ رَجُلٌ مُّؤْمِنٌ مِّنْ ءَالِ فِرْعَوْنَ يَكْتُمُ إِيمَٰنَهُۥٓ أَتَقْتُلُونَ رَجُلًا أَن يَقُولَ رَبِّىَ ٱللَّهُ وَقَدْ جَآءَكُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ مِن رَّبِّكُمْ ۖ وَإِن يَكُ كَٰذِبًا فَعَلَيْهِ كَذِبُهُۥ ۖ وَإِن يَكُ صَادِقًا يُصِبْكُم بَعْضُ ٱلَّذِى يَعِدُكُمْ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ كَذَّابٌ ﴿٢٨﴾

**28. Цинги ПиргIавнил агьлуялдаса жив вугев, жинца Аллагьасда ﷻ ва Мусада иман лъурав, гьеб иман лъейги бахчун вукIарав цо муъминчияс абуна: «Нужеца гьав чи чIвазехъинищ вугев гьес жиндир БетIергьан Аллагь вуго абураб рагIи сабаблъун?** Цоги гьас нужее гьабураб къварилъиги гьечIо. **Х1акълъунго гьев нужехъе баянал хIужабигун ва мугIжизаталгун вачIун вуго нужер БетIергьанасул рахъалъан жив Аллагьасул ﷻ расул вукIиналда тIоритIел гьабулел. Гьев чи жинца гьереси бицунев ватани, гьеб гьересиялъул мунагь-хIакъ гьесие жиндиего букIина. Гьев чияс битIараб жо бицунеб батани гьес нужее хIинкъи кьолеб гIазабалъул цо бутIагIаги щвела нужеда: нужеца гьесда иман лъечIони ва гьев чиги чIвани. Х1акълъунго Аллагьас тIовитIуларо ва квербакъиги гьабуларо жив къосиналъулъ гIорхъолъан арав чиясе ва жинца гьереси бицунев чиясеги» - абун.**

ПиргIавница Муса авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ чIвазе къасд гьабидал, гьев ПиргIавнил къавмалъ Муса عَلَيْهِ السَّلَامُ гьареси гьавиги бихьидал, гьев муъминчи хIинкъичIого цеве чIана пиргIавнида ва жинца насихIат гьабулевлъун кIалъана жив Мусал рахъ ккун кIалъалев вукIин бичIчIулареб хIалги гьабун. Хадубги гьев муъминчияс абуна:

يَٰقَوْمِ لَكُمُ ٱلْمُلْكُ ٱلْيَوْمَ ظَٰهِرِينَ فِى ٱلْأَرْضِ فَمَن يَنصُرُنَا مِنۢ بَأْسِ ٱللَّهِ إِن جَآءَنَا ۚ قَالَ فِرْعَوْنُ مَآ أُرِيكُمْ إِلَّا مَآ أَرَىٰ وَمَآ أَهْدِيكُمْ إِلَّا سَبِيلَ ٱلرَّشَادِ ﴿٢٩﴾

**29. Я дир къавм! Жакъа нужее ханлъи буго гьаб Мисриялъул ракьалда тIад. Нуж цогидал къавмаздаса бергьаралги руго.**

Нужеца бануисраилал нужер лагъзаллъун ккун руго. **Нагагь нилъеде тIаде Аллагьасул ﷻ гIазаб бачIани нилъее квербакъулев щив чиха вукIине вугев?» – абун.** Цинги ПиргIавница жиндирго чIухIи ва гIамалкIодолъи загьир гьабуна ва гьес абуна:

**«Дида лъикIаблъун бихьуларо нуж нахърилълъине дица нужеда бицараб жоялда гурони»** - абун. Гьеб буго жинца Муса чIвазехъин вуго абураб ргIи. Хадубги гьес абуна: **«Дица нужги тIоритIулел гьеч1о битIараб нухалда гурони»**-абун. ПиргIавние жиндир ргIи гурони битIараб букIинчIо, жиндир нух гурони хIакъабги букIинчIо.

**30. Цинги гьев иман лъурав чияс абуна: «Я дир къавм! Х1акълъунго дун хIинкъун вуго нужедеги щвезе гурин абун цересел умматазул аварагасде данде рахъарал къукъабазде щвараб гIадаб гIазаб.**

وَقَالَ ٱلَّذِيٓ ءَامَنَ يَٰقَوۡمِ إِنِّيٓ أَخَافُ عَلَيۡكُم مِّثۡلَ يَوۡمِ ٱلۡأَحۡزَابِ ٣٠

**31. НухIил къавмалда, ГIадилазда, Самудиязда щвараб гIадаб, гьезда хадур рукIараздаги щвараб гIадаб гIазаб щвезе гурин абун. ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерие зулму гьабизе бокьулев гьечIо.**

مِثۡلَ دَأۡبِ قَوۡمِ نُوحٖ وَعَادٖ وَثَمُودَ وَٱلَّذِينَ مِنۢ بَعۡدِهِمۡۚ وَمَا ٱللَّهُ يُرِيدُ ظُلۡمٗا لِّلۡعِبَادِ ٣١

Гьел къавмазда щвараб гIазаб букIана жидер куфру-ширк сабаблъун щвараб.

**32. Я дир къавм! дун хIинкъун вуго нужеда Къиямасеб къоялъул гIазабги щвелин абун.**

وَيَٰقَوۡمِ إِنِّيٓ أَخَافُ عَلَيۡكُمۡ يَوۡمَ ٱلتَّنَادِ ٣٢

«Вай дие бугеб къварилъи» абун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъараб къавмалъ ахIулеб къо буго гьеб.

**33. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдасан хIинкъун, мугъ бан нуж лъутун унеб къо буго гьеб. Амма нуж гьеб гIазабалдаса рорчIуларо ва нуж гьелдаса цIунулев чиги вукIунаро. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив къосаравлъун тарав чи жинца битIараб нухалда тIовитIулев чиги вукIунаро.**

يَوۡمَ تُوَلُّونَ مُدۡبِرِينَ مَا لَكُم مِّنَ ٱللَّهِ مِنۡ عَاصِمٖۗ وَمَن يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنۡ هَادٖ ٣٣

**34. Х1акълъунго нужехъе Мусадаса цеве Юсуп аваргги вачIун вукIана баянал хIужабигун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде ахIизе. Амма нуж гьев авараг вукIиналда щакдарулел руго, гьев жиндалъун вачIараб жоялда нужеца инкарги ккун руго.**

وَلَقَدۡ جَآءَكُمۡ يُوسُفُ مِن قَبۡلُ بِٱلۡبَيِّنَٰتِ فَمَا زِلۡتُمۡ فِي شَكّٖ مِّمَّا جَآءَكُم بِهِۦۖ حَتَّىٰٓ إِذَا هَلَكَ قُلۡتُمۡ لَن يَبۡعَثَ ٱللَّهُ مِنۢ بَعۡدِهِۦ رَسُولٗاۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ ٱللَّهُ مَنۡ هُوَ مُسۡرِفٞ مُّرۡتَابٌ ٣٤

Гьаб ргIи буго Муса аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ заманалъ ругел бануисраилазул умумузухъе вачIун вукIана Юсуп

авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ абураб. **Цинги гьев Юсуп авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **хвараб мехалъ нуж цIакъ рохана ва нужеца абуна: «Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьесда хадув тIокIав авараг** عَلَيْهِ السَّلَامُ **витIизе гьечIо»** - абун. Щибго жидее гIелму ва хIужжа гьечIеб жо бицун абуна гьез гьеб рагIи. **Гьедин къосине гьарула Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **кинавниги жив гIасияв, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъулъ щакдарулев чи.** Жидее баянал хIужаби рачIараб мехалъ жидеца иман лъечIел гIадамал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидер къосиналъулъ ва куфруялъулъ тола. Ахираталда гьезие жужахIалъул гIазабги гьабула.

ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِىٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ بِغَيْرِ سُلْطَٰنٍ أَتَىٰهُمْ ۖ كَبُرَ مَقْتًا عِندَ ٱللَّهِ وَعِندَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ۚ كَذَٰلِكَ يَطْبَعُ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ قَلْبِ مُتَكَبِّرٍ جَبَّارٍ ﴿٣٥﴾

**35. Жидее щибго хIужа-далил гьечIого Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **аятазда ва гьесул расулазда** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **къацандулел гIадамал руго гьел. Гьезда ццим бахъин гучаб букIуна Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ва муъминзабазулги. Гьел Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккурал, гьесул аваргзаби гьереси гьарурал гIадамазул ракIазда куфруялъул мугьру чIвараб г1адинго гьеб куфруялъул мугьру чIвала кинавниги чIухIарав, залимав чиясул ракIалдаги.**

Гьеб ракI буго цогидал лугбазул хан. Гьеб ракI лъикIлъани цогидал лугбалги лъикIлъула. Гьеб ракI квешлъани цогидал лугбалги квешлъула. Гьедин бугелъул абуна тIадегIанав Аллагьас «РакIалда чIвала куфруялъул мугьру» - абун.

وَقَالَ فِرْعَوْنُ يَٰهَٰمَٰنُ ٱبْنِ لِى صَرْحًا لَّعَلِّىٓ أَبْلُغُ ٱلْأَسْبَٰبَ ﴿٣٦﴾

أَسْبَٰبَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ فَأَطَّلِعَ إِلَىٰٓ إِلَٰهِ مُوسَىٰ وَإِنِّى لَأَظُنُّهُۥ كَٰذِبًا ۚ وَكَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِفِرْعَوْنَ سُوٓءُ عَمَلِهِۦ وَصُدَّ عَنِ ٱلسَّبِيلِ ۚ وَمَا كَيْدُ فِرْعَوْنَ إِلَّا فِى تَبَابٍ ﴿٣٧﴾

**36.37. Гьаб хабар бицун муъминчи кIалъараб мехалъ ПиргIавница абуна: «Я Гьаман! Дуца дие борхатаб ва щулияб си бае – хъала бае. Гьеб сиялде тIадеги вахун дица зодове унел нухал цIехезе руго ва дун гьев Муса аварагасул** عَلَيْهِ السَّلَامُ **Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **валагьизе вуго. Дида гьев дирго беразда вихьизе бокьун буго. Х1акълъунго дида гьав Муса жинца гьереси бицунев чи вугин абун кколеб буго** ва гьес абулев Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьечIо.

Дун вуго нужее аллагь. Гьаб рагIи абиялъул магIнаги буго: дов муъминчияс бицараб хабаралъ жиндир къавмалъул рекIелъе иман лъугьинин абун хIинкъун, гьел къосине гьаризе ва жив зодовеги вахуна абун гьезда ракIалде ккезе гьабизе абуна пиргIавница гьеб рагIи.

**Гьадин щайтIаналъ ПиргIавнида берцин бихьизе гьабуна жиндир квешаб гIамал ва гьев нахъеги чIвана битIараб нухалдаса. Гьев ПиргIавница гьабураб гIамал ва гьесул макру жиб гIадада хвараб гурого гьечIо.** Дунялалдаго гьев гьалаг гьавуна ралъдалъе гъанкъизе гьавун, жиндир ханлъиги, хъизанги бануисраилазе тун. Ахираталда гьесие абадияб жужахIалъул гIазабги букIине буго.

**38. Жинца иман лъурав чияс абуна: «Я дир къавм! Нуж дида нахърилълъа! Дица нуж тIоритIизе руго битIараб нухалдаги ва хIакъаб диналдаги.**

وَقَالَ ٱلَّذِيٓ ءَامَنَ يَٰقَوۡمِ ٱتَّبِعُونِ أَهۡدِكُمۡ سَبِيلَ ٱلرَّشَادِ ٣٨

**39. Я дир къавм! ХIакълъунго гьаб дунялалъул чIаголъи буго жиб дагьабго мехалъ букIунеб мунпагIат боси. Ахират буго даимго жиб нахъе хутIулеб ва даимго жинда жанир рукIунеб рукъ.**

يَٰقَوۡمِ إِنَّمَا هَٰذِهِ ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَا مَتَٰعٞ وَإِنَّ ٱلۡأٓخِرَةَ هِيَ دَارُ ٱلۡقَرَارِ ٣٩

**40. Гьеб ахираталда жидеца квешаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ гурого гьабуларо,** щибго жо тIаде цIикIкIизе гьабуларо. **Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал бихьиназеги руччабазеги алжанazde жанире лъугьине гьари буго жазаъ.**

مَنۡ عَمِلَ سَيِّئَةٗ فَلَا يُجۡزَىٰٓ إِلَّا مِثۡلَهَاۖ وَمَنۡ عَمِلَ صَٰلِحٗا مِّن ذَكَرٍ أَوۡ أُنثَىٰ وَهُوَ مُؤۡمِنٞ فَأُوْلَٰٓئِكَ يَدۡخُلُونَ ٱلۡجَنَّةَ يُرۡزَقُونَ فِيهَا بِغَيۡرِ حِسَابٖ ٤٠

**Жидее гьеб алжаналда жаниб нигIаматал кьола щибго хIисаб гьечIого: рикIкIинчIого, цIадирояль цIачIого.** Гьез гьабураб лъикIаб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб ва тIок1аб жазаъ гьабула.

**41.42. Я дир къавм! Дица нуж ахIулел руго ахираталъул гIазабалдаса хвасарлъулеб жоялда – Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялда. Ва амма нужеца дун ахIулев вуго жужахIалде унеб нухалде: Аллагьасдехун ширк гьабиялде ва гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ инкар кквеялде.**

۞ وَيَٰقَوۡمِ مَا لِيٓ أَدۡعُوكُمۡ إِلَى ٱلنَّجَوٰةِ وَتَدۡعُونَنِيٓ إِلَى ٱلنَّارِ ٤١

تَدۡعُونَنِي لِأَكۡفُرَ بِٱللَّهِ وَأُشۡرِكَ بِهِۦ مَا لَيۡسَ لِي بِهِۦ عِلۡمٞ وَأَنَا۠ أَدۡعُوكُمۡ إِلَى ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡغَفَّٰرِ ٤٢

Жив Аллагьлъун гьечIев чиясе ва жиндие лагълъи гьабизе кколарев чиясе лагълъи гьабиялде ахIулев вуго нужеца дун. **Дица нуж ахIулел руго жиндир гуч бергьарав, жинца мунагьал рахчулев, жив цогояв Аллагьасе**

جَلَّجَلَالُهُ **лагълъи гьабиялде.**

لَا جَرَمَ أَنَّمَا تَدْعُونَنِيٓ إِلَيْهِ لَيْسَ لَهُۥ دَعْوَةٌ فِي ٱلدُّنْيَا وَلَا فِي ٱلْأٓخِرَةِ وَأَنَّ مَرَدَّنَآ إِلَى ٱللَّهِ وَأَنَّ ٱلْمُسْرِفِينَ هُمْ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ﴿٤٣﴾

**43. Х1акъаб жо буго нужеца дун жинда ахIулеб хъанчие лагълъи гьаби бук1ин жидеда ахIарав чиясе жаваб кьоларел, жидер щибго гьунар гьечIел жалазе лагълъи гьаби.**

**Гьез я дунялалда яги ахираталда щибго кумек гьабизе гьечIо. Х1акълъунго нилъ киназулго руссин тIадегIанав Аллагьасде буго. Жидеца куфру-ширк ва зулму гьабурал гIадамалги жал жужахIалда рукIине ругел руго.**

فَسَتَذْكُرُونَ مَآ أَقُولُ لَكُمْ وَأُفَوِّضُ أَمْرِيٓ إِلَى ٱللَّهِ إِنَّ ٱللَّهَ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ﴿٤٤﴾

**44. Нужеда нахъа ракIалде щвезе буго ва бичIчIизе буго жакъа дица нужеда бицунеб жо.**

Нужеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб щвараб мехалъ лъазе буго гьеб дица бицунеб жо хIакъаб букIин. **Дица дир амру ТIадег1анав Аллагьасде тIамун тун буго. Х1акълъунго Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинда лагъзадерил хIал лъалев, гьезие мустахIикъаб амру бихьулев.**

Гьаб бакIалда лъугIана ПиргIавнил къавмалъул жинца иман лъурав чияс ПиргIавнида ва гьесул къавмалда гьабураб хитIаб ва вагIза-насихIат. Гьеб буго (28) аяталдаса (44) аяталде щвезегIан. Жал къосарал ва жидер ракIазулъ куфру-ширк бугел гIадамазе гьесул вагIза-насихIаталъ асар гьабичIо. Гьез гьев чи чIвазеги къасд гьабуна. Гьеб хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

فَوَقَىٰهُ ٱللَّهُ سَيِّـَٔاتِ مَا مَكَرُوا۟ وَحَاقَ بِـَٔالِ فِرْعَوْنَ سُوٓءُ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٥﴾

**45. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьев муъминчи цIунана жиндир къавмалъул квешаб макруялдаса. ПиргIавнидаги гьесул къавмалдаги Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **квешаб гIазабги рещт1ана.**

Дунялалда гьел ралъдалъ гъанкъизе гьаруна, ахираталда гьезие абадияб жужахIги буго.

ٱلنَّارُ يُعْرَضُونَ عَلَيْهَا غُدُوًّا وَعَشِيًّا وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ أَدْخِلُوٓا۟ ءَالَ فِرْعَوْنَ أَشَدَّ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٦﴾

**46. ЖужахIалъул цIа буго гьезие бугеб гIазаб щибаб радал-бакъанида жидеда гьеб бихьизе гьабулеб.**

Гьаб буго хабалъ гIазаб гьабизе букIиналъе далил. Гьел капурзабазе нахъасан къотIи гьечIеб гIазаб буго хобалда жаниб. **Къиямасеб къо чIараб мехалъги**

**Аллагьас ﷻ жиндир малаикзабазда амру гьабула: «Нужеца гьев ПиргIавнги гьесул къавмги бищунго квешаб гIазабалъулъ лъугьине гьаре!» - абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIумаридаса бицараб сахIихIаб хIадисалда буго жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер цояв хвараб мехалъ гьев чиясда ахираталда жив вукIунеб бакI бихьизе гьабула радалги бакъанидаги. Гьев чи алжаналъул агьлу вугони жив алжаналда жанив вукIунеб бакI бихьизе гьабула. Гьев жужахIалъул агьлу вугони жужахIалда вукIунеб бакIги бихьизе гьабула. Гьев лагъасдаги абула: «Гьаб буго мун жанив вукIунеб бакI» - абун. Гьеб хIал букIуна Къиямасеб къо чIезегIан»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Къиямасеб къоялъ муъминчиясда бихьизе гьабула жинца иман лъун букIинчIебани жив жужахIалда вукIине вукIараб бакI. Гьелдалъун муъминчияс Аллагьасе ﷻ рецц ва щукру гьабизе жив иманалда тIовитIун алжаналъул агьлулъун гьавиялда. Капурчиясдаги бихьизе гьабула жив алжаналда вукIине вукIараб бакI гьес иман лъун букIарабани. Гьелдалъун гьесул пашманлъи ва хIасратлъи цIикIкIизе»* - абун. Х1адисалъул аслу имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Ал-Баззар абулев Г1алимас жинда Аллагь разилъаяв Г1али асхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: цо къоялъ гIадамазе вагIза гьабулаго жинда Аллагь разилъаяв Г1али асхIабас абуна: «Я гьал гIадамал! Нужеда лъалищ, нужеца дида бице бищунго бахIарчияв чи щив вугев?» - абун. Цо гIадамаз абуна: «Мун вуго» - абун. ГIали асхIабас абуна: «Дун цониги тущманасде данде вахъинчIо дица гьесулгун битIараб, гIадилаб рагъ гьабун гурони (справедливый). Нужеца дида бице бищунго бахIарчияв чи щив вугев?» - абун. Гьел гIадамаз абуна: «Нижеда лъаларо щив гьев чи вугевали. Дуцаго бице нижеда» - абун. Г1али асхIабас абуна: «Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар вуго. Дида вихьана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг къурайшазул мушриказ сверунги ккун цояз гьанивехун цIан, цогидаз довехун цIан ракьалда вехъерхъулев, жидецаги абулаго: «Мунищ вугев нижер аллагьзабазул цо Аллагь ﷻ гьавулев чи?!» - абун Валлагьи гьеб бакIалде цониги чи аскIове къачIо Абубакар асхIаб гурони. Гьес цин гьасда, цинги досда кьабулеб букIана, гьел къурайшал аварагасдаса ﷺ нахъе цIалелги рукIана. Жинца абулебги букIана: «Вай нужер талихI къаял! Нужеца гьав чиясда рагъ гьабун, гьав чIвазехъинищ вугев, гьас «Дир БетIергьан Аллагь вуго» - абураб рагIи сабаблъун» - абун.

Цинги жинда Аллагь разилъаяв Г1али асхIаб жинда тIад бугеб халат гьумералде бачун гIодана жиндир мегеж биччизегIан. Хадубги гьес абуна: «Дица нужеда Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун гьарулеб буго дида бице абун гьев Абубакарищ лъикIав вугев, яги ПиргIавнил къавмалъул жинца иман лъурав чийищ лъикIав вугев?» - абун. Цинги гIадамал руцIцIун чIана щиб жаваб кьелеб лъаларого. Г1али асхIабас абуна: «Нужеца жаваб кьолеб гьечIо гурищ? Валлагьи Абубакар асхIабасул цохIо сагIат лъикIаб буго ПиргIавнил къавмалъул муъминчиясул гIумруялдаса. Дов вукIана жинца жиндир иман бахчарав чи, гьав Абубакар вукIана жинца иман загьир гьабурав чи» - абун.

Гьеб хIадисалъул цоги биценалда буго жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб къурайшияца вухун гIакълуялдаса ине гьавун гIодове рехун вукIана. ГIемер заман ун хадув жив рекIеде вачIараб мехалъ, жинца бералги рагьараб мехалъ гьес бищунго цебе абураб рагIи букIана аварагасул щиб хIал бугеб абун. Аллагьас ﷻ гьеб агьлуялъул баракат ва шапагIат нилъееги щвезе гьабеги. Я БетIергьан Аллагь! Ниж руго хирияв аварагги ﷺ гьесул асхIабзабиги ﵃ рихьичIел, гьезда бихьараб къварилъиги бихьичIел, загIипал, пакъирал лагъзал. Дурго гурхIел-рахIмуялдалъун, мун тIаса лъугьун, мун разияб агьлугун тIаде рахъунеллъун гьаре Аллагь ﷻ дуца ниж! Мун разилъулеб гIамал гьабизе тавпикъги гьабе! Дур диналъе гIоло жигьад гьабулел мужагьидаздаса ниж гьаре! Мун разилъи тIалаб гьабун шагьадат щвезе нижер ракIазе иманги, бахIарчилъиги кье!

Нужеда лъай муъминзаби, хасго гIолохъаби! Гьаб хирияб Къуръан художественнияб тIехь гьечIо жиб цIалун хадуб хъорщода тIадги лъун жинда тIад хIурги чIван букIунеб. Гьаб Къуръан буго тIадегIанав Аллагьасул калам. Гьаб хирияб Къуръан тIадегIанав Аллагьас рещтIине гьабун буго жинда жаниб хъвараб жоялда гIамал гьабизе. Кинабго халкъалъе, кинабго заманаялъ хIакъаб диналде гIадамал тIоритIулеб нурлъунги гьабун буго гьаб Къуръан. Гьаб Къуръаналда жаниб хъвараб жоялда жинца гIамал гьабурав чи гьеб Къуръаналъ ахираталда алжаналде жаниве вачуна ва гьесда цIарги букIуна «Къуръаналъул агьлу» абун. Гьаб Къуръаналде гIамал гьабичIев чи гьелъ жужахIалде жаниве къотIула.

Нилъее гьаб хирияб Къуръаналъ алжаналде рачине бокьун бугони гьаб Къуръан гIемер цIалун, гьелъул магIна ва хIукму бичIчIизе гьабун, цинги гьелда гIамал гьабун хьвадизе ккола. Дун бусурманчи вуго абураб рагIи гIоларо. РекIелъ камилаб иман букIине ккола,

гьаб исламияб диналда рекъон гIамалги гьабизе ккола. Дунял тIалаб гьабулев чиясда цебе цо гъурущги нусго гъурущги рехани ва гьесда абуни: «Дуего бокьараб босе» - абун, щибго щаклъи гьечIеб жо буго гьев чияс нусго гъурущалде квер бегьулеблъи.

Ахират тIалаб гьабулев чиясеги гIемер батIи-батIиял даражаби руго. Унго-унгоял бахIарзазе бугеб, бищун тIадегIанаб даража буго гьаб ракьалда тIад цохIо Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабиялде халкъ ахIи, ракьалда тIад гьабулеб хIакъаб хIукмуги Аллагьасул ﷻ хIукму букIиналде гьел мукIур гьари. Гьаб Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рухI бичи буго бищун тIадегIанаб макъам. Г1алимзабаца абун буго: «Алжан цIакъ къимат кIудияб рукъ буго. Инсанасе бищунго къимат кIудияб жо жиндир рухI буго. Ахираталда бищун къимат кIудияб алжан щвезе бокьарав чияс дунялалда бищунго къимат кIудияб жо кьезе ккола» - абун. Аллагьас ﷻ тавпикъ гьабеги хIакъаб жо бихьизе, лъазе ва гьелда нахърилълъине.

وَإِذْ يَتَحَاجُّونَ فِي ٱلنَّارِ فَيَقُولُ ٱلضُّعَفَٰٓؤُاْ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓاْ إِنَّا كُنَّا لَكُمْ تَبَعًا فَهَلْ أَنتُم مُّغْنُونَ عَنَّا نَصِيبًا مِّنَ ٱلنَّارِ ﴿٤٧﴾

**47. Гьеб жужахIалда жаниб бугеб къавм цоцазде къацандулеб гIуж рехсе, МухIаммад ﷺ, дур умматалъе ваг1залъун. Жал нахърилълъун рукIарал загIипал гIадамаца жидер церехъабазда абула, жал Аллагьасе ﷻ г1ибадат гьабизе ч1ух1арал:**
**«Х1акълъунго ниж рукIана нужеда нахърилълъараллъун Аллагьасдехун нужеца куфру-ширк гьабураб мехалъ. Гьанже нуж ругищха нижедаса гьеб гIазабалъул цо бутIагIаги тIаса босулел?» - абун.**

قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓاْ إِنَّا كُلٌّ فِيهَآ إِنَّ ٱللَّهَ قَدْ حَكَمَ بَيْنَ ٱلْعِبَادِ ﴿٤٨﴾

**48. Дунялалда жал чIухIун рукIарал гIадамаз абула: «Х1акълъунго жакъа нилъ киналго гьаб жужахIалда жанир руго.**
Нужее кумек гьабизе кIолеб букIарабани ниж гьанир рукIинароан. **ТIадегIанав Аллагьас халкъалда гьоркьоб хIакъаб хIукму гьабун тIубан буго.** Гьанже гьеб хIукму хисизе гьабулев щивго чи вукIунаро» - абун.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ فِي ٱلنَّارِ لِخَزَنَةِ جَهَنَّمَ ٱدْعُواْ رَبَّكُمْ يُخَفِّفْ عَنَّا يَوْمًا مِّنَ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٩﴾

**49. Цинги гьеб жужахIалда жанир ругел гIадамаца гьеб жужахI хьихьун ругел малаикзабазда абула: «Нужеца гьаре нужер БетIергьанасда нижедаса гьаб**

**гIазаб дагьлъизабе цохIо къоялъгIаги абун».**

**50. Гьел малаикзабаца абула: «Дунялалда нужехъе Аллагьасул** ﷻ **аварагзаби рачIун рукIинчIищ хIакъал хIужабигун ва аяталгун?» - абун. Гьел гIадамаз абула: «РачIун рукIана» - абун.**

قَالُوٓاْ أَوَلَمۡ تَكُ تَأۡتِيكُمۡ رُسُلُكُم بِٱلۡبَيِّنَٰتِۖ قَالُواْ بَلَىٰۚ قَالُواْ فَٱدۡعُواْۗ وَمَا دُعَٰٓؤُاْ ٱلۡكَٰفِرِينَ إِلَّا فِي ضَلَٰلٍ ۝٥٠

**Цинги малаикзабаца абула: «Гьанже нужецаго гьаре Аллагьасда** ﷻ **нужедаса гIазаб борхе абун».**

**Гьел капурзабаца гьабураб дугIаги гIададисеб жо букIуна, гьелъие жавабги гьабуларо.**

**51.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Х1акълъунго Дица квербакъи гьабула Дир аварагзабазе** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ва муъминзабазеги гьел дунялалда ругеб мехалъ.**

إِنَّا لَنَنصُرُ رُسُلَنَا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا وَيَوۡمَ يَقُومُ ٱلۡأَشۡهَٰدُ ۝٥١

**Гьединго ахираталда жидеца лагъзадерил гIамалалъе нугIлъи гьабун гьеб гIамал хъвалел рукIарал малаикзаби рачIараб мехалъги квербакъи гьабула Дица Дир расулазе** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **ва муъминзабазе.** Дунялалъул рукъоб гьезие квербакъи гьабула баянаб хIужа-далилалдалъун, тущманасда тIад бергьенлъи кьун, гьел асир гьарун. Ахираталда квербакъи гьабула гьел муъминзаби алжаналде жаниреги лъугьине гьарун ва гьезие сахаватал нигIматалги кьун.

**52. Капурзабазе жидеца бачараб гIузруялъ щибго мунпагIат гьабулареб къо буго гьеб. Гьел Аллагьасул** ﷻ **рахIматалдаса рикIкIад гьарун рукIуна ва гьезие квешаб рукъги букIуна – жужахI букIуна жал даимго гьенир жанир рукIунеб рукълъун.**

يَوۡمَ لَا يَنفَعُ ٱلظَّٰلِمِينَ مَعۡذِرَتُهُمۡۖ وَلَهُمُ ٱللَّعۡنَةُ وَلَهُمۡ سُوٓءُ ٱلدَّارِ ۝٥٢

**53. Х1акълъунго дица Муса аварагасухъе тIоритIел кьуна, авараглъи кьуна. Муса аварагасде** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **рещтIине гьабураб тIехь Тавратги бануисраилазе ирсалъе кьуна.**

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا مُوسَى ٱلۡهُدَىٰ وَأَوۡرَثۡنَا بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱلۡكِتَٰبَ ۝٥٣

**54. Жинца гIадамал хIакъаб диналде тIоритIулеб нурлъун, ва жидер гIелму-гIакълу бугел гIадамазе вагIза-насихIатлъунги гьабуна гьеб Таврат.**

هُدٗى وَذِكۡرَىٰ لِأُوْلِي ٱلۡأَلۡبَٰبِ ۝٥٤

**55. Дуца сабру гьабе, МухIаммад**

فَٱصۡبِرۡ إِنَّ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقّٞ وَٱسۡتَغۡفِرۡ

لِذَنۢبِكَ وَسَبِّحۡ بِحَمۡدِ رَبِّكَ بِٱلۡعَشِيِّ
وَٱلۡإِبۡكَٰرِ ٥٥

**ﷺ, гьал мушриказ дуе гьабулеб къварилъи баччун ва гьел хIакъаб диналде ахIунги. Жинца аварагзабазе عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ квербакъи гьабула абураб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къотIи хIакъаб жо буго. Гьеб квербакъи дуеги букIине буго. Дуца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьаре дур мунагьал рахче абун, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIодо гьавун тасбихIги гьабе, гьесие реццги гьабе радалги къасиги гIужазулъ** ва кинабго заманаялъ.

Гьаб амру хирияв аварагасда ﷺ гьабун бугониги гьалдалъун мурад букIуна исламияб уммат. Аварагас ﷺ мунагьал чури гьари букIуна Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъи загьир гьаби, амма гьесул мунагьал рукIунаро, жинца мунагьал гьарулев чи авараглъунги вукIунаро.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِيٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ
بِغَيۡرِ سُلۡطَٰنٍ أَتَىٰهُمۡ إِن فِي صُدُورِهِمۡ
إِلَّا كِبۡرٞ مَّا هُم بِبَٰلِغِيهِۚ فَٱسۡتَعِذۡ
بِٱللَّهِۖ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡبَصِيرُ ٥٦

**56. Х1акълъунго жидее щибго хIужаго гьечIого Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятазда дагIба гьабулел гIадамал руго жидер рекIелъ чIухIи бугел, дуда нахърилълъине чIухIарал гIадамал. Амма гьел жидер мурадазде щвеларо.**

Гьезул мурад буго хIакъаб дин гьереси гьаби ва дудаса жал тIадегIанлъи. **Дуца Аллагьасдалъун цIуни гьаре гьел гIадамазул квешлъиялдаса. Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинда кинабго жо рагIулев ва бихьулев.**

لَخَلۡقُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ أَكۡبَرُ مِنۡ
خَلۡقِ ٱلنَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا
يَعۡلَمُونَ ٥٧

**57. БичасхIаги зобалги ракьги бижи кIудияб амру буго гIадамал рижиялдаса. Кинниги гIадамазул гIемерисел жидеда гьаб амру бичIчIуларел ва лъаларел руго.**

Гьез пикру гьабулеб гьечIо щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб махлукъ жинца бижарав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хун хадур гIадамал тIаде рахъине гьари щибго захIматаб жо гьечIеблъи.

وَمَا يَسۡتَوِي ٱلۡأَعۡمَىٰ وَٱلۡبَصِيرُ وَٱلَّذِينَ
ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَلَا ٱلۡمُسِيٓءُۚ
قَلِيلٗا مَّا تَتَذَكَّرُونَ ٥٨

**58. Жинда щибго жо бихьуларев беццав чиги жинда канлъи бихьулев чиги цоцазда ращад гьечIо. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабиги жив къосарав капурчиги бищад гьечIо.**

**Гьаб вагIза босулел ва гьелдасан жидее мунпагIат лъугьунел**

**гIадамал цIакъго дагь гурони гьечIо.**

إِنَّ ٱلسَّاعَةَ لَأٓتِيَةٞ لَّا رَيۡبَ فِيهَا وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يُؤۡمِنُونَ ٥٩

**59. Х1акълъунго къиямасеб къо бачIинги щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб амру буго. Гьеб иш гьадин бугониги гIадамазул гIемерисел жидеца ахираталде иман лъоларел руго.**

وَقَالَ رَبُّكُمُ ٱدۡعُونِيٓ أَسۡتَجِبۡ لَكُمۡۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَسۡتَكۡبِرُونَ عَنۡ عِبَادَتِي سَيَدۡخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ ٦٠

**60. Нужер БетIергьан Аллагьас абулеб буго: «Нужеца Дида гьаре, Дица нужее жаваб кьезе буго»** - абун.
Гьаб рагIиялдалъун тIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерил ракI гьесизе гьабулеб буго дугIа гьабиялде ва гьезие жаваб гьабизе къотIиги гьабулеб буго. Цо гIалимзабаца гьаб рагIиялъул магIна гьабуна: «Нужеца гIибадат дие гьабе, дица гьеб гIибадат къабул гьабизе буго» - абун.
**Дие гIибадат гьабизе ва Дида гьаризе чIухIарал гIадамал ахираталда жужахIалде жанире лъугьине руго жал гIодорегIан гьарун ва хIакъир гьарун ругеб хIалалъ.** Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ данде чIухIи гьабурав чи гьес цIакъ гIодовегIан гьавула, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIеларав ва мутIигIлъарав чи Аллагьас тIадегIанги гьавула.

ٱللَّهُ ٱلَّذِي جَعَلَ لَكُمُ ٱلَّيۡلَ لِتَسۡكُنُواْ فِيهِ وَٱلنَّهَارَ مُبۡصِرًاۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَذُو فَضۡلٍ عَلَى ٱلنَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكۡثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَشۡكُرُونَ ٦١

**61. Т1адегIанав Аллагь вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан, жинца нужее сордо бижарав нуж гьеб сардилъ хIалхьиялда чIезе. Нужее къоги гьабурав жиндилъ канлъи бихьулеблъун** нуж магIишат тIалаб гьабун ракьалда тIад хьвадизе.
**Х1акълъунго Аллагь вуго жинца гIадамазе гIемераб лъикIлъи гьабулев ва амма гIадамазул гIемерисел руго жидеца гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ щукру гьабуларел.** Жидеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ниг1маталги кванан гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда жал г1асилъулел.

ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمۡ خَٰلِقُ كُلِّ شَيۡءٖ لَّآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَۖ فَأَنَّىٰ تُؤۡفَكُونَ ٦٢

**62. Гьав БетIергьан Аллагь вуго жинца кинабгожо бижарав нужер БетIергьан. Гьев гурев цоги аллагь гьечIо жиндие г1ибадат гьабизе мустах1икъав.**
**Гьав Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадатги гьабичIого цоги жоялъе гIибадат гьабиялде кин нуж руссунел ва кин нужеда гьеб берцин бихьулеб?**

كَذَٰلِكَ يُؤۡفَكُ ٱلَّذِينَ كَانُواْ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ يَجۡحَدُونَ ٦٣

**63. Гьаб дур къавм буссараб г1адин, хIакъаб диналдаса руссун рукIана цересел къавмазул жидеца Аллагьасул**

ﷻ **аятал ва гьесул дин гьереси гьабулел гIадамалги.**
Гьеб цIияб иш гьечIо. Дуца сабру гьабе, МухIаммад ﷺ! Аллагьасда ﷻ гьеб кинабго иш бихьулеб буго ва дуе къотIи гьабураб квербакъиги, гьезие къотIи гьабураб гIазабги жиб бачIин ва букIин хIакъаб жо буго.

ٱللَّهُ ٱلَّذِي جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ قَرَارًا وَٱلسَّمَآءَ بِنَآءً وَصَوَّرَكُمْ فَأَحْسَنَ صُوَرَكُمْ وَرَزَقَكُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ فَتَبَارَكَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٦٤﴾

**64. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер БетIергьан, жинца нужее ракь гьабурав нуж чIолеб бакIлъун:** Дунялалда ракьалда тIадч1ола нуж чIаго ругеб мехалъ, хун хадур гьелъул чохьонирги ч1ола, ахираталда Г1арасат майданалдаги ч1ола (махIшаралдаги). **Жинца нужее зобги гьабурав жиб борхатаблъун.**
Рукъалъе тIохалда рельлъун. **Жинца нужее сипат-суратги гьабурав. Гьеб нужер суратги жинца цIакъ берцинаб гьабурав** жиндир цогидаб махлукъалъул сураталдаса. **Жинца нужее цIакъ гьуинаб, хIалалаб ризкъиги кьурав.** БатIи-батIиял нигIматал кьурав жидер тIагIам, лазат, кьер, махI берцинал. **Гьав вуго нужер БетIергьан Аллагь. Жив вацIцIадав ва жив тIадегIанав вуго кинабго гIаламалъулго БетIергьан Аллагь.**

هُوَ ٱلْحَيُّ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ فَٱدْعُوهُ مُخْلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ ۗ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٦٥﴾

**65. Жив чIагояв, жиндие хвел гьечIев, жив гурев цоги аллагь гьечIев вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан.**
**Нужеца г1иц1го гьоркьоб жо кквеч1ого гьев Аллагьасдаса гьаре ва гьев Аллагьасе ﷻ гьабе ширкаласа жиб бацIцIадаб гIибадат ва нужеца гьев Аллагьасе щукру гьабун** «ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ» **- абунги абе.**

۞ قُلْ إِنِّي نُهِيتُ أَنْ أَعْبُدَ ٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ لَمَّا جَآءَنِيَ ٱلْبَيِّنَٰتُ مِن رَّبِّي وَأُمِرْتُ أَنْ أُسْلِمَ لِرَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٦٦﴾

**66. Дуца гьел мушриказде абе, МухIаммад ﷺ: «Х1акълъунго дида дир Бет1ергьан Аллагьас лъазе гьабун буго дица лагълъи гьабуге абун Аллагьги ﷻ тун нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчазе.**
**Дихъе Аллагьасул ﷻ рахъалъан баянал хIужаби рачIун руго гьев Аллагь ﷻ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел ва дида амруги гьабун**

**буго дун тIубанго мутIигIлъе абун гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьасе».**

**67. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан жинца нуж ракьалдаса рижарав. Цинги манидал къатIраялдаса, цинги бетараб бидул къотIелалдаса рижарав. Цинги нуж эбелалъул рахIмоялдаса къватIире рахъизе гьарулев, гьитIинал, щибго жо бажаруларел лъималлъун.**

هُوَ ٱلَّذِي خَلَقَكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ مِن نُّطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ يُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوٓا۟ أَشُدَّكُمْ ثُمَّ لِتَكُونُوا۟ شُيُوخًا ۚ وَمِنكُم مَّن يُتَوَفَّىٰ مِن قَبْلُ ۖ وَلِتَبْلُغُوٓا۟ أَجَلًا مُّسَمًّى وَلَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٦٧﴾

**Цинги нуж кIудиял гIезе гьарун нужер гIакълуги къуватги камилаб гIужалде рахине гьарулев.** Гьеб буго лъеберго соналдаса к1икъого соналда щвезег1ан бугеб г1умру. **Цинги нуж херлъун к1удиял ва заг1ипал чаг1илъунги рук1ине гьарулев. Нужедаса цо гIадамал руго жал херлъилелде церего холелги.** Цо гIалимзабаца абуна рахIмоялда жанирго хун къватIире рачIунел абун. **Нуж чIагоги рукIуна Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее цIараб заман тIубазегIан,** нуж холеб гIажал тIаде щвезегIан. **Гьаб нужер рижиялда жанибги Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIаламатал руго, гьел гIаламатал нужее лъазе ва гьезул нужеца вагIза босизе бицунеб буго нужеда гьаб хабарги.**

**68. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго нужер БетIергьан жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Жиндие цо амру букIине бокьараб мехалъ гьев Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **«Кун» абураб рагIи абула (ай мун бук1а абун) ва гьеб амру бук1уна.**

هُوَ ٱلَّذِي يُحْيِۦ وَيُمِيتُ ۖ فَإِذَا قَضَىٰٓ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٦٨﴾

**69. Мун валагьуларищ, МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, гьел жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **аятазда дагIба гьабулел гIадамазда. Гьел гIадамал кин руссун ругел Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **хIакъаб диналдаса ва гьесул тIоритIелалдаса.**

أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِيٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ أَنَّىٰ يُصْرَفُونَ ﴿٦٩﴾

**70. Жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам гьереси гьабулел ва Дица аварагзаби** عَلَيْهِمُٱلسَّلَامُ **жиндалъун ритIараб динги гьереси гьабулел. Гьезда нахъа лъазе буго жидер инкаралъул ва гьереси гьариялъул хIасил кин**

ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِٱلْكِتَٰبِ وَبِمَآ أَرْسَلْنَا بِهِۦ رُسُلَنَا ۖ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٧٠﴾

**букIунеблъи.**

إِذِ ٱلۡأَغۡلَٰلُ فِيٓ أَعۡنَٰقِهِمۡ وَٱلسَّلَٰسِلُ يُسۡحَبُونَ ٧١ فِي ٱلۡحَمِيمِ ثُمَّ فِي ٱلنَّارِ يُسۡجَرُونَ ٧٢

**71.72. Жидер гарбазда гудрал ва рахсалги ран жал жужахIалде жанире рехъерхъун рехулеб мехалъ ва бухIараб хIамималда жанирги рехулеб мехалъ.** Ибну Касирица абуна: «ЖужахI хьихьун ругел забаниятаз гьезул габуралда рарал гудразда рухьарал рахсалги ккун гьел цин жужухIалъул цIадаре цIан, цинги гьениса хIамималде жанире цIан гIазаб гьабула гьезие»-абун.

ثُمَّ قِيلَ لَهُمۡ أَيۡنَ مَا كُنتُمۡ تُشۡرِكُونَ ٧٣ مِن دُونِ ٱللَّهِۖ قَالُواْ ضَلُّواْ عَنَّا بَل لَّمۡ نَكُن نَّدۡعُواْ مِن قَبۡلُ شَيۡـٔٗاۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ ٱللَّهُ ٱلۡكَٰفِرِينَ ٧٤

**73.74. Цинги гьездаги абула гьезул ракI бекизе гьабун ва гьел гIодорегIан гьарун: «Кире арал нужеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабиялъулъ жидедехун ширк гьабулел рукIарал аллагьзаби?» - абун. Гьез абула: «Гьел жакъа нижедасан къосун руго, нижеда гьел рихьулел гьечIо. Нижеца щибго жоялъе лагълъи гьабулеб букIинчIо»** - абунги абула. Гьел жидер чара хун, щиб бицинеб ва щиб гьабилеб лъаларого хутIун рук1уна. **Гьадин къосине гьарула Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **киналго жинда инкар ккурал гIадамал.** Хадубги гьезда абула:

ذَٰلِكُم بِمَا كُنتُمۡ تَفۡرَحُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ بِغَيۡرِ ٱلۡحَقِّ وَبِمَا كُنتُمۡ تَمۡرَحُونَ ٧٥

**75. Гьаб гIазаб нужее буго нужеца ракьалда тIад щибго гIилла гьечIого чIухIи-рецц гьабун букIин сабаблъун.** Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъаби гьарун, хIарамаб нухалда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьураб боцIи-мал харж гьабун, зина гьаби, хамро гьекъей гIадал кIудиял мунагьал гьарун. **Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щукру гьабичIого, нужее бугеб бечелъиялдаса чIухIун, Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кIочон рукIун.**

ٱدۡخُلُوٓاْ أَبۡوَٰبَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَاۖ فَبِئۡسَ مَثۡوَى ٱلۡمُتَكَبِّرِينَ ٧٦

**76. Гьанже нуж лъугьа жужахIалъул рагьабахъан жанире даимго гьеб гIазабалъулъ рукIинелъун. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб жужахI жал чIухIарал, жидер гIамал кIудиял гIадамазе.**

فَٱصۡبِرۡ إِنَّ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقّٞۚ فَإِمَّا نُرِيَنَّكَ بَعۡضَ ٱلَّذِي نَعِدُهُمۡ أَوۡ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِلَيۡنَا يُرۡجَعُونَ ٧٧

**77. Дуца сабру гьабе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **! ХIакълъунго Аллагьасул къотIи жиб тIубай хIакъаб буго:** Гьеб къотIиги дуе квербакъи гьабила абун

буго ва куфру-ширкалъул агълуялъе гIазаб гъабила абунги буго. **Дица дуда бихьун гIазаб гъабизеги бегьила гьезие. Гьезие гIазаб гъабилелде цеве Дица мун хвезе гъавуниги; Ахираталда киналго Диде руссине руго** ва Дица щибаб напсалъе гьелъул гIамалалда рекъараб жазаъ гъабизе буго.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّن قَبْلِكَ مِنْهُم مَّن قَصَصْنَا عَلَيْكَ وَمِنْهُم مَّن لَّمْ نَقْصُصْ عَلَيْكَ ۗ وَمَا كَانَ لِرَسُولٍ أَن يَأْتِيَ بِـَٔايَةٍ إِلَّا بِإِذْنِ ٱللَّهِ ۚ فَإِذَا جَآءَ أَمْرُ ٱللَّهِ قُضِىَ بِٱلْحَقِّ وَخَسِرَ هُنَالِكَ ٱلْمُبْطِلُونَ ﴿٧٨﴾

**78. Х1акълъунго Дица дудасан цереги гIемерал аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIана. Гьезул цо къукъаялъул къиса Дица дуда бицана. Дица дуда жидер къиса бицинчIеб къукъаги буго. Цониги расуласе ихтияр букIинчIо жал къавмалъе мугIжизат ва гIаламат бачун рачIине Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изну букIун гурони.**

**Цо умматалъе гIазаб гъабизе бугеб къотIи тIаде щвараб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гIазаб гъабула** аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва гьезда нахърилъарал г1адамалги хвасар гъарула **ва жидеца хIакъаб дин батIул гъабулел гIадамал гьеб бакIалда цIакъ чIорого хутIула.**

ٱللَّهُ ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَنْعَـٰمَ لِتَرْكَبُوا۟ مِنْهَا وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ﴿٧٩﴾

**79. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужеца жиндие гIибадат гъабизе тIадав хан, жинца нужее хIайваналл рижарав ва гьел квегъарав. Нуж гьезда тIадги рекIунел нуж сапаразде унаго, нужеца гьезул гьан, рахьги кваналел.**

وَلَكُمْ فِيهَا مَنَـٰفِعُ وَلِتَبْلُغُوا۟ عَلَيْهَا حَاجَةً فِى صُدُورِكُمْ وَعَلَيْهَا وَعَلَى ٱلْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ﴿٨٠﴾

**80. Нужее гьездаса цогиги мунпагIатги буго**: квас-расги, хIан-нахги, цIокотIехьги ва гьеб гуребги. **Гьел хIайваназда тIад лъун нужер къайиматахI нужее хIажатаб бакIалде щвезе гъабула. Ракъдада ругеб мехалъ варанабазда рекIун, ралъадалда тIад гумузда рекIунги хьвадула.**

وَيُرِيكُمْ ءَايَـٰتِهِۦ فَأَىَّ ءَايَـٰتِ ٱللَّهِ تُنكِرُونَ ﴿٨١﴾

**81. Гьел сапаразда ругеб мехалъ ва рукъор ругеб мехалъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гIемер батIиял гIаламаталги рихьизе гьарула.**
Жив цо вукIиналде ва жиндир хIалкIолъиялде тIоритIел гъабулел. **Нужеца жидеда инкар кколел щал аяталха ругел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятаздаса?!**

أَفَلَمْ يَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَيَنظُرُوا۟ كَيْفَ

**82. Гьал Маккаялъул мушрикал жидер сапаразде унарищ ва гьезда**

كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡۚ كَانُوٓاْ
أَكۡثَرَ مِنۡهُمۡ وَأَشَدَّ قُوَّةٗ وَءَاثَارٗا فِي ٱلۡأَرۡضِ
فَمَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُم مَّا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ٨٢

**бихьуларищ жидеда цере рукIарал мушриказул ахир кин ккарабали?** Гьел Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьаруна, гьезул росаби ва шагьарал чIунтизе гьаруна. **Гьел гIадамал гьал Маккаялъулаздаса гIемералги рукIана, къуват-гуч бугелги рукIана. Жидеца ракьалда тIад гIемерал асарал таралги рук1ана:** чIахIиял кIалгIаби тана, шагьарал тана. **Жидеда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIазаб щвараб мехалъ гьезие щибго кумек гьабичIо жидеца гьабун букIараб гIамалалъ.** Жидер боцIи-малалъги, жидер кIалгIабацаги, щулиял хъулбузги гьезие кумек гьабичIо.

فَلَمَّا جَآءَتۡهُمۡ رُسُلُهُم بِٱلۡبَيِّنَٰتِ فَرِحُواْ بِمَا
عِندَهُم مِّنَ ٱلۡعِلۡمِ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُواْ بِهِۦ
يَسۡتَهۡزِءُونَ ٨٣

**83. Гьел капурал гIадамазухье Аллагьасул аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **рачIараб мехалъ баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун, гьел жидерго гIелмулъаялдаса рохун, чIухIун чIана.** Жидеда лъалеб жо гьезда битIараблъун бихьана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аварагас бицунеб жоялдаса. **Цинги гьездаги рещтIана жидеца гьелда божичIого жиб махсароде гьабулеб букIараб г1азаб.**

فَلَمَّا رَأَوۡاْ بَأۡسَنَا قَالُوٓاْ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَحۡدَهُۥ
وَكَفَرۡنَا بِمَا كُنَّا بِهِۦ مُشۡرِكِينَ ٨٤

**84. Жидеда гIазаб рещтIун гьелъул гуч ва захIмалъи бихьараб мехалъ жидеца абуна: «Нижеца иман лъолеб буго цохIо Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **ва нижеца инкар кколеб буго нижеца жидее лагълъи гьабулел рукIарал алагьзабазда»-абун.**

فَلَمۡ يَكُ يَنفَعُهُمۡ إِيمَٰنُهُمۡ لَمَّا رَأَوۡاْ بَأۡسَنَاۖ
سُنَّتَ ٱللَّهِ ٱلَّتِي قَدۡ خَلَتۡ فِي عِبَادِهِۦۖ وَخَسِرَ
هُنَالِكَ ٱلۡكَٰفِرُونَ ٨٥

**85. Дир гIазаб жидеда бихьараб мехалъ лъураб иманалъ гьезие щибго мунпагIат гьабизе гьечIо. Гьаб буго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нух ва хIукму жиндир лагъзадерие гьабулеб гIадлуялъулъ:** Гьел лагъзадерие гIазаб гьабизе байбихьараб мехалъ гьез гьабураб тавбуялъ ва иман лъеялъ мунпагIат гьабунгутIи. **Гьеб гIазаб гьаби тIаде щвараб мехалъ Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун рукIарал гIадамал цIакъ чIорого хутIараллъун рукIуна.** Гьез гьабураб кинабго гIамалги г1адада хола, гьезул боцIи-малги гьалаглъула, гьезул лъимал-хъизанги цоцадаса ратIалъула.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIунаги нилъ гьеб чIорого хутIиялдаса.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун «Сурату Гъа́фиралъул» тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго.

# 41. Сурату Фуссилат

سُورَةُ فُصِّلَتْ

*Гьаб сураталда жаниб Исламияб диналъул аслулъун бугеб гӀакъида (рекӀелчӀей) бицун буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукӀиналде рекӀелчӀей гьаби, гьесул аваргзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва, тӀахьал ритӀухъ гьари, ахират букӀиналда иман лъей бицун буго.*

*Сураталъул байбихьи хирияб Къуръаналъул бициналдалъун гьабун буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀаммад аварагасе бищун кӀудияб мугӀжизатлъун жиб бугеб, кинабго заманаялъе, кинабго халкъалъе гьел хӀакъаб диналде тӀоритӀулеб нурлъунги бугеб. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин босун ритӀулел аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ сипатал рицун руго: гьев инсан вукӀин жинда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шаргӀ вахӀю гьабун гьеб вахӀю босун жив къавмалда витӀулев. ИнкарчагӀаца ва мушрикаца тӀалаб гьабухъин малаик вукӀунареблъи баян гьабун буго. Хадуб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хӀалкӀолъиялда тӀоритӀел гьабулел далилал рицунаго зобал-ракьал рижи ва цогидаб махлукъ бижиналъул хабар бицун буго.*

*Аллагьсда جَلَّ جَلَالُهُ мутӀигӀлъичӀел, жидер къуват-гучалда божилъи гьабун гӀамалкӀодолъи гьабурал ГӀадилал ва Самудиял гьалаг гьариги бицун буго. Гьелда хадуб Аллагьасдасан хӀинкъарал муъминзабазулги, гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хӀадурун бугеб хирияб ва сахаватаб гьоболлъиялъулги бицун буго.*

*Зобал-ракьазда жанир ругел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гӀаламатазулги бицен гьабун буго, гьел гӀаламатаздалъун жидеца пикру гьабулел гӀадамазе тӀадегӀанав Аллагь жив хӀакъав БетӀергьан вукӀин лъалел.*

*Сураталда цӀар лъун буго «Жинца батӀа гьабулеб, баян гьабулеб» абун, гьаб сураталда жаниб тӀадегӀанав Аллагьас жиндир аятал баян гьарун рукӀиналъ, жив цо вукӀиналъул ва жиндир къудраталъул бицунел баянал аятал рукӀиналъ. Жал мухӀканал, жидеда инкар гьабизе кӀоларел далилалги рицун рукӀиналъ жиндир кӀодолъиялда ва жив цо вукӀиналда тӀоритӀел гьабулел.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

حمٓ ١

**1. ХIа, Мим.**
ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб.

تَنزِيلٞ مِّنَ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٢

**2. Гьаб хирияб Къуръан буго жив гурхIулев, жиндир гурхIел-рахIму гIемерав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рещтIине гьабураб гьесул азалияб калам.**
Гьеб Къуръан рещтIине гьабиги кIудияб рахIмат ва нигIмат буго. жиндир лагъзадерие бугеб. Жиб тIаса унареб, къиямасеб къо щвезегIан жинца умматал хIакъаб диналде ахIулеб.

كِتَٰبٞ فُصِّلَتۡ ءَايَٰتُهُۥ قُرۡءَانًا عَرَبِيّٗا لِّقَوۡمٖ يَعۡلَمُونَ ٣

**3. Гьаб Къуръан буго жиндир аятал баян гьаруараб**, жинда жанир дунялалъул ва диналъул маслихIат бицараб, **жиндир магIна баянаб, мацI пасихIаб, хIукмаби ва къисаби загьираб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам.**
**Гьаб Къуръан буго гIараб мацIалда жиб цIалулеб. Жидеца пикру гьабулел ва жидер гIелму-гIакълу бугел гIадамазда жиндир магIна бичIчIулеб ва жидеца гьелдаса вагIза босулеб.** Жидер ракIазулъ иманалъул нур бугел гIадамазул ракIелъе жиб лъугьунеб ва гьеб иманалъул нур жиндалъун цIикIкIунеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам буго гьаб Къуръан. Жидер ракIазда тIад куфру-ширкалъул мугъру чIварал гIадамазда гьеб Къуръан бичIчIуларо ва гьезул рекIелъе гьеб лъугьуларо.

بَشِيرٗا وَنَذِيرٗا فَأَعۡرَضَ أَكۡثَرُهُمۡ فَهُمۡ لَا يَسۡمَعُونَ ٤

**4. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал муъминзабазда алжаналъул рохел бицунеб буго. Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул аварагзабаздаги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гIасилъарал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун жинца хIинкъи кьолебги буго.**
Гьединаб баянаб калам бугониги, жидеда лъалеб жиб пасихIаб гIараб мацIалъ цIалулеб бугониги, **гIемерисел мушрикал гьеб Къуръаналдаса руссана. Гьезда гьеб рагIулебго гьечIо ва жидеца гьелъул пикру гьабулеб гьечIо.**

وَقَالُواْ قُلُوبُنَا فِيٓ أَكِنَّةٖ مِّمَّا تَدۡعُونَآ إِلَيۡهِ وَفِيٓ ءَاذَانِنَا وَقۡرٞ وَمِنۢ بَيۡنِنَا وَبَيۡنِكَ حِجَابٞ فَٱعۡمَلۡ إِنَّنَا عَٰمِلُونَ ٥

**5. Къуръаналда гIенеккизе чIухIун гьез абуна: « Гьеб дуца ниж жинда ахIулеб дин нижер ракIазулъе лъугьунаро, гьезда тIад бицатаб хъал буго. Нижер**

**гIундулги гьеб Къуръан рагIиялдаса гIинкъал руго.**

**Дудаги нижедаги гьоркьоб пардав буго, жинца нилъ цоцада ричIчIизе толареб.** Ниж руго нижер умумузул диналда ругел гIадамал, дуца ниж ахIулел руго нижеда лъалареб цIияб диналде. **Дуца дурго гIамал гьабе: дурго дин гьабе ва дуда гIенеккаразе гьебги бице. Х1акълъунго ниж нижерго дин гьабулел руго» - абун.**

قُلۡ إِنَّمَآ أَنَا۠ بَشَرٞ مِّثۡلُكُمۡ يُوحَىٰٓ إِلَيَّ أَنَّمَآ إِلَٰهُكُمۡ إِلَٰهٞ وَٰحِدٞ فَٱسۡتَقِيمُوٓاْ إِلَيۡهِ وَٱسۡتَغۡفِرُوهُۗ وَوَيۡلٞ لِّلۡمُشۡرِكِينَ ٦

**6. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ : «Х1акълъунго дун вуго нужедаго релълъарав, нужеда гьоркьоса инсан. Аллагьас ﷻ дида вахIю гьабун буго дица нужеда лъазе гьабе абун нуж киназго х1акълъунго жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагь ﷻ цохIо Аллагь ﷻ вуго абун.**

**Нужеца гьев Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабе ва нуж гьев Аллагь ﷻ цо гьавиялда ритIун чIа, гьесие гьабулеб лъагълъиги куфру-ширкалдаса бацIцIад гьабе ва Аллагьасдаса ﷻ мунагьал чуриги т1алаб гьабе. Гьедин Аллагьасе ﷻ гIибадат бацIцIад гьабичIел мушриказе цIакъ квешаб гIазаб ва къварилъи букIине буго.**

ٱلَّذِينَ لَا يُؤۡتُونَ ٱلزَّكَوٰةَ وَهُم بِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ كَٰفِرُونَ ٧

**7. Жидеца Аллагь ﷻ цо гьавуларел, жидер боцIи-малалдаса закатги кьоларел, жидеца ахираталда иман лъечIого гьелда инкарги кколел г1адамал: гьал г1адамал руго жидее ахираталда гучаб гIазаб букIунел.**

Цоги магIна гьабуна: жидеца напс бацIцIад гьабуларел куфру-ширкалъул чороклъиялдаса абун.

Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги инкар кквеялда хурхине гьабун закат кьунгутIи рехсеялдаса мурад буго: инсанасе жиндирго рухIалдаса хадуб хирияб жо буго гьес данде гьабулеб боцIи-мал. Гьеб боцIи Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло кьолев, гьеб садакъа-хайраталъе кьолев чи жиндир рекIелъ иман бугев чи вукIиналъул гIаламат буго. Жинца паризаяб закат кьоларев чи мунапикъ вукIиналда гIагараб буго гьев муъминчи вукIиналдасаги. Гьаб масъала цIакъ бичIчIизе кколеб масъала буго.

ГIемерал бусурбаби руго жидер бечелъи бугел ва гьелдаса паризаяб закат ва суннатаб садакъа кьоларел. Гьезул иман цIакъ загIипаб буго, гьел бусурбаби рукIинги жиндилъ щаклъи бугеб амру буго: Исламалъул щуго рукнуялдаса цо рукну буго закат кьей. Гьеб закат кьечIого чIараб мехалъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас рагъ бана гьеб кьоларел гIадамазда ва жинцаги абуна: «Валлагьи, дица рагъ гьабизе

буго жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе кьолеб букIараб закат кьечIого: цо бурутI гIадаб жоцин кьечIого чIарал гIадамазда» – абун.

Закат абураб рагIиялъул магIна буго рацIцIалъи абураб. Жиндаса закат бахъараб боцIи-мал жиб хIалалаб, бацIцIадаб букIуна, гьелъул баракатги букIуна, гьеб гIемерлъулебги букIуна. Жиндаса закат кьолареб боцIи кигIан гIемераб бугониги жиндилъ баракат гьечIеб букIуна, жиб балагьалъе батулебги букIуна.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُمْ
أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ ﴿٨﴾

**8. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъун, аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабулел,** жидер боцIудаса паризаяб закатги, суннатаб садакъаги кьолел, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру-нагью тIубан хьвадулел,
**гьел гIадамал руго жидее ахираталда кIудияб ажру букIунел.** Жиб тIаса унареб, нахъаса къотIулареб алжаналъул нигIматал руго гьел.

۞ قُلْ أَئِنَّكُمْ لَتَكْفُرُونَ بِٱلَّذِى خَلَقَ ٱلْأَرْضَ
فِى يَوْمَيْنِ وَتَجْعَلُونَ لَهُۥٓ أَندَادًا ۚ ذَٰلِكَ رَبُّ
ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٩﴾

**9. Дуца гьел инкарчагIазда ва мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **! Х1акълъунго нуж инкар кколелищ ругел гьаб ракь жинца кIиго къоялда жаниб бижарав Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **?**
**Нужеца гьесда данде рачунел руго нужер квералъ гьарурал хъанчал! Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго гьеб кинабго гIаламалъул Бет1ергьан.** Жинца гьеб бижарав, гьелъул тадбир гьабулев. Нужеца гьесие гьабизе тIадаб гIибадат щибго жидер гьунар гьечIел хъанчазе гьабулеб буго.

وَجَعَلَ فِيهَا رَوَٰسِىَ مِن فَوْقِهَا وَبَٰرَكَ
فِيهَا وَقَدَّرَ فِيهَآ أَقْوَٰتَهَا فِىٓ أَرْبَعَةِ
أَيَّامٍ سَوَآءً لِّلسَّآئِلِينَ ﴿١٠﴾

**10. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца гьаб ракьалда тIад мугIрулги гьарурав, жинца гьаб ракьалъулъ баркатги гьабурав, ракьалда бугеб махлукъалъе къваригIунеб ризкъиги жинца бижарав ункъо къоялда жаниб. Жинца дунял бижиналдаса гьикъулев чиясе бугеб битIараб жаваб буго гьеб.**

ثُمَّ ٱسْتَوَىٰٓ إِلَى ٱلسَّمَآءِ وَهِىَ دُخَانٌ فَقَالَ
لَهَا وَلِلْأَرْضِ ٱئْتِيَا طَوْعًا أَوْ كَرْهًا قَالَتَآ
أَتَيْنَا طَآئِعِينَ ﴿١١﴾

**11. Цинги гьев БетIергьан Аллагьас зобалазде къасд гьабуна: гьел зобал жинца рижана ракьалдаса бахъун эхеде борхулеб хухьелалда релълъун жал рукIарал гьел зобалги.**

**Гьал зобалги ракьги бижун тӀубараб мехалъ Аллагьас ﷻ гьезда хитӀаб гьабун абуна: «Нуж дир амруялда нахърилълъа, нужеца дие бокьараб ишалъе жаваб гьабе, нуж разилъун, мутӀигӀлъун, яги нужее бокьун гьечӀониги!» - абун. Зобалазги ракьалъги жаваб гьабуна: «Ниж дур амруялда нахърилълъана гьеб амру нижее бокьун ва ниж разилъун» - абун.**

فَقَضَىٰهُنَّ سَبْعَ سَمَٰوَاتٍ فِى يَوْمَيْنِ وَأَوْحَىٰ فِى كُلِّ سَمَآءٍ أَمْرَهَا ۚ وَزَيَّنَّا ٱلسَّمَآءَ ٱلدُّنْيَا بِمَصَٰبِيحَ وَحِفْظًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ ٱلْعَزِيزِ ٱلْعَلِيمِ ﴿١٢﴾

**12. Аллагьас ﷻ гьел зобал гьаруна анкьго зоблъун кӀиго къоялда жаниб. Щибаб зобалда Аллагьас ﷻ жиндир амруги вахӀю гьабуна. Жинца дунялалъул зобги цӀвабзаздалъун берцин гьабуна.**

**Гьел цӀваби жидеца щайтӀаби зодоре рахиналдаса нахъе чӀвалеллъунги гьаруна. Гьаб рехсараб хӀалалъ зобал-ракьал рижи буго Жиндир гуч бергьарав, жинда кинабго гӀаламалъул хӀал ва гьелъие мустахӀикъаб жо лъалев БетӀергьан Аллагьасул хӀукму ва къадар.**

Гьал аятазда жаниб бицараб зобалги ракьги бижи, гьел анлъго къоялда жанир рижана абураб рагӀиги, цинги зобал-ракьазда Аллагьас ﷻ амру гьабиги: «нуж дир амруялъе мутӀигӀлъе»-абун гьеб кинабго иш буго тӀедегӀанав Аллагьас инсанасда лъазе гьаби жиндир гӀамалалъулъ гьев инсанасул заман унеб букӀин, щибаб ишалъе бихьизе гьабураб ва гьелъие рекъараб гӀуж букӀин. Аллагьасул ﷻ заталъе, гьесул амруялъе ва гьесие бокьараб ишалъе щибго заман ва гӀуж хӀажалъуларо. Гьесие цо амру лъугьине бокьараб мехалъ гьеб амру лъугьуна цохӀо «Кун» (мун букӀа) абураб рагӀи абиялдалъун. Цо гӀалимзабаца абуна Аллагьас ﷻ гьеб рагӀиги абуларо абун. Гьеб амру гьедин бугелъул гьаб бакӀалда зобал кӀиго къоялда жанир рижана, ракь ункъго къоялда жаниб бижана абураб рагӀи жиндасан бахӀс гьабулеб, жиндие гӀелмияб баян кьолеб рагӀи гьечӀо. Гьеб буго инсанасул гӀакълуялъ босулеб хӀалалъ мисал бачин ва гьесда бичӀчӀулеб мацӀалъ вагӀза-насихӀат гьаби.

فَإِنْ أَعْرَضُوا۟ فَقُلْ أَنذَرْتُكُمْ صَٰعِقَةً مِّثْلَ صَٰعِقَةِ عَادٍ وَثَمُودَ ﴿١٣﴾

**13. Дуца цӀалараб Къуръаналдасаги дур дагӀваталдасаги гьел капурзаби руссун чӀани дуца гьезда абе, МухӀаммад ﷺ, дица нужее хӀинкъи кьуна нужее щвезе бугеб гӀазабалдалъун.**

**Нужедаса цере рукӀарал ГӀа́дилазде ва Самудиязде щвараб гӀадаб гӀазаб нужедаги щвезе бегьула** нужеца тавбу гьабичӀони ва Аллагь

ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялде нуж руссинчIони»–абун.

إِذۡ جَآءَتۡهُمُ ٱلرُّسُلُ مِنۢ بَيۡنِ أَيۡدِيهِمۡ وَمِنۡ خَلۡفِهِمۡ أَلَّا تَعۡبُدُوٓاْ إِلَّا ٱللَّهَۖ قَالُواْ لَوۡ شَآءَ رَبُّنَا لَأَنزَلَ مَلَٰٓئِكَةٗ فَإِنَّا بِمَآ أُرۡسِلۡتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ١٤

**14. Гьел къавмаздаги аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рачIун рукIана жидедаго гьоркьоса жидедаго лъалел гIадамал. Гьел расулаз** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **гьезда киналго рахъаздаса сверун лъугьун гьезие Аллагьасул** ﷻ **гIазабалдалъун хIинкъи кьуна. Гьез жидер къавмаздаги абуна: «Нужеца лагълъи гьабуге цохIо Аллагьасе** ﷻ **гурони» – абун.**

**Къавмалъ абуна: «Аллагьасе** ﷻ **бокьун букIарабани нижеца жиндие лагълъи гьабизе гьес нижеде малаикзаби ритIизе рукIана расулаллъун, нуж ритIизе рукIинчIо. Х1акълъунго нижеца гьереси гьабулеб буго нуж расулал руго абураб рагIи ва нужеца ахIулеб диналдаги нижеца инкар кколеб буго» - абун.**

فَأَمَّا عَادٞ فَٱسۡتَكۡبَرُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ بِغَيۡرِ ٱلۡحَقِّ وَقَالُواْ مَنۡ أَشَدُّ مِنَّا قُوَّةًۖ أَوَلَمۡ يَرَوۡاْ أَنَّ ٱللَّهَ ٱلَّذِي خَلَقَهُمۡ هُوَ أَشَدُّ مِنۡهُمۡ قُوَّةٗۖ وَكَانُواْ بِـَٔايَٰتِنَا يَجۡحَدُونَ ١٥

**15. Г1адилазул къавм абуни цIакъго чIухIун хьвадана ракьалда тIад гьезие жал чIухIизе щибго хIужа-далилги гьечIого. Гьез абуна: «Нижедаса къуватав чи щив вугев?»** – абун. «Нижее гIазаб гьабизе кIолев щивго чи гьечIо» - абуна гьез. Гьел рукIана гIемераб гIумру балеб черх къуватаб халкъ, жидеца кьураби рорлъун гьенир минаби гьарулел. Гьедин букIиналъ ва жидер ахIмакълъиялъ гьезда ракIалде ккана жидее гIазаб гьабизе кIолев чи щив вукIунев абун. Гьезие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьел гIадамазда лъаларищ жинца гьел рижарав Аллагь** ﷻ **вукIин гьездаса жиндир къуват-гуч бергьарав? Гьеб къавм букIана Дир аятазда ва мугIжизатазда жидеца инкар кколел.** Гьел аятал хIакъал рукIин лъаниги жидеца гьезда инкар кколеб букIана.

فَأَرۡسَلۡنَا عَلَيۡهِمۡ رِيحٗا صَرۡصَرٗا فِيٓ أَيَّامٖ نَّحِسَاتٖ لِّنُذِيقَهُمۡ عَذَابَ ٱلۡخِزۡيِ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۖ وَلَعَذَابُ ٱلۡأٓخِرَةِ أَخۡزَىٰۖ وَهُمۡ لَا يُنصَرُونَ ١٦

**16. Дие гьезие гIазаб гьибизе бокьараб мехалъ Дица гьезда тIаде кутакаб гьури биччана: жиб квачараб, жиндир квешаб гьаракьги бугеб,** жиб сверсведун пулеб (вихрь). ЦохIо гьеб гьорол гьаракь букIана жинца гIадамал хIинкъун хвезе гьарулеблъун. **Жиндилъ баракат гьечIел къоял рукIана гьеб гьури гьезда тIаде биччарал къоял.**

**Гьеб гьури Дица гьезда тIаде биччана гьаб дунялалдаго жал**

**гIодорегIан ва хIакъир гьарулеб гIазаб чIамизабизе. Гьезие ахираталда букIине бугеб гIазаб цIакъго жал инжит гьарулеб буго, гьезие квербакъулев щивго чиги вукIине гьечIо.**

وَأَمَّا ثَمُودُ فَهَدَيْنَٰهُمْ فَٱسْتَحَبُّوا۟ ٱلْعَمَىٰ عَلَى ٱلْهُدَىٰ فَأَخَذَتْهُمْ صَٰعِقَةُ ٱلْعَذَابِ ٱلْهُونِ بِمَا كَانُوا۟ يَكْسِبُونَ ﴿١٧﴾

**17. Ва амма Самудиялин абуни, гьелги тIоритIана дица хIакъаб диналда, гьезухъе расулги витIун. Амма гьез жидерго куфруялъул беццлъи тIаса бищана иманалъул нуралдаса.**

**Гьеб къавм ккуна жал хIакъир гьарураб гьаракьалъул гIазабалъ. Гьеб гIазабги букIана жидеца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаълъун.** Гьез СсалихI авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьереси гьавидал, гьесие мугIжизатлъун бугеб вараниги хъведал, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гIазаб гьабуна батIи-батIияб гIазаб цадахъго тIаде биччан. Кутакаб бакъ багIари букIун, хадуб бецIаб накIкI бакккана. Гьеб жидее рагIад буго абун ракIалде ккун самудиял гьеб накIкIалде гьоркье руссараб мехалъ гучаб гьаракьги, ракь багьариги лъугьана ва гьеб къавмги хун гIодоб ккун ракьгун жубан тIагIана.

وَنَجَّيْنَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَكَانُوا۟ يَتَّقُونَ ﴿١٨﴾

**18. Гьеб гIазабалдаса дица хвасар гьаруна жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъурал, гьесул гIазабалдаса хIинкъунел рук1арал муъминзаби.**

СсалихI аварагги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُгьесда иман лъурал гIадамалги хвасар гьаруна гьеб гIазабалдаса.

وَيَوْمَ يُحْشَرُ أَعْدَآءُ ٱللَّهِ إِلَى ٱلنَّارِ فَهُمْ يُوزَعُونَ ﴿١٩﴾

**19. Дуца умматалъе вагIзалъун рехсе, МухIаммад, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущбаби жужахIалде къотIулеб къо, Г1арасат майданалда гьел киналго дандеги ракIарун.**

حَتَّىٰٓ إِذَا مَا جَآءُوهَا شَهِدَ عَلَيْهِمْ سَمْعُهُمْ وَأَبْصَٰرُهُمْ وَجُلُودُهُم بِمَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٢٠﴾

**20. Жал Г1арасат майданалде ракIарун хIисаб-мизан гьабизе гьел чIезе гьарураб мехалъ гьезие нугIлъи гьабун кIалъала жидерго бералги, гIундулги, жидер тIомалги. Гьез бицуна дунялалда жидеца гьабураб гIамал.**

وَقَالُوا۟ لِجُلُودِهِمْ لِمَ شَهِدتُّمْ عَلَيْنَا ۖ قَالُوٓا۟ أَنطَقَنَا ٱللَّهُ ٱلَّذِىٓ أَنطَقَ كُلَّ شَىْءٍ وَهُوَ خَلَقَكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٢١﴾

**21. Цинги гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущбабаца жидер тIомазда абула: «Нужеца щай нижее заралияб нугIлъи гьабураб?» - абун. Гьел тIомаз абула: «Ниж кIалъазе гьаруна жинца кинабго жо кIалъазе гьабулев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ .**

**Гьес нуж щибго гьечIеб бакIалдаса рижана тIоцере. Ахираталда нуж киналго тIаде рахъине гьарун гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ руссине гьаризеги руго» - абун.**

وَمَا كُنتُمْ تَسْتَتِرُونَ أَن يَشْهَدَ عَلَيْكُمْ سَمْعُكُمْ وَلَا أَبْصَارُكُمْ وَلَا جُلُودُكُمْ وَلَٰكِن ظَنَنتُمْ أَنَّ ٱللَّهَ لَا يَعْلَمُ كَثِيرًا مِّمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٢٢﴾

**22. Дунялалда нуж рахчараллъун рукIинчIо нужер лугбуздаса. Беразги, гIундузги, тIомазги нужее нугIлъи гьабичIого рукIине. Кинниги нужеда ракIалде кколеб букIана нужеца гьабулеб гIамалалъул гIемерисеб х1акълъунго Аллагьасда лъаларин абун.**

وَذَٰلِكُمْ ظَنُّكُمُ ٱلَّذِى ظَنَنتُم بِرَبِّكُمْ أَرْدَىٰكُمْ فَأَصْبَحْتُم مِّنَ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٢٣﴾

**23. Гьеб буго нужер ракIазде кколеб пикру нужер БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ. Гьеб къабихIаб пикруялъ ккезе гьаруна нуж жужахIалде жанире ва нужги лъугьана цIакъ чIорого хутIарал гIадамаллъун.**

Байзави абулев гIалимас абуна: «Нуж дунялалда ругеб мехалъ нужер къабихIал пишаби гIадамаздаса рахчулел рукIана ва гьезда цере гIодорегIанлъиялдаса хIинкъулел рукIана. Нужеда ракIалдего кколеб букIинчIо нужер лугбузда гьеб къабихIаб гIамал бихьулеб бугин абун ва гьез нужее нугIлъиги гьабилин абун. Гьадин бугелъул муъминчиясда рекъараб буго жиндир кинабго хIалалъулъ жинда ракIалда букIине жиндир гIамалалда тIаде валагьун кидаго хъаравул вукIин ва жинца гьабулеб жо балъго хутIулареблъи.

Гьаб кIиго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ибну МасгIудидаса бицана: «КагIба рукъалда аскIор гIодор чIун рукIана кIиго къурайшияв ва цо сакъафияв. Гьел рукIана жидер рекIелъ иман ва гIелму гьечIел, жидер чахьал тIатIул цIурал мушрикал. Гьезул цояс абуна: «Нужеда ракIалда кколищ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ рагIулин нилъеца бицунеб хабар?» - абун. Гьезул цогидас абуна: «Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ рагIула нилъеца рагIизе гьабун бицараб жо, нилъеца балъго бицараб жо гьесда рагIуларо» - абун. Лъабабилесги абуна: «Гьесие нилъеца рагIизе гьабун бицараб жо рагIулеб батани, балъго гьабун бицараб жоги рагIизе буго» - абун. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб кIиго аят рещтIине гьабуна (22-23 аб. аят).

فَإِن يَصْبِرُوا۟ فَٱلنَّارُ مَثْوًى لَّهُمْ ۖ وَإِن يَسْتَعْتِبُوا۟ فَمَا هُم مِّنَ ٱلْمُعْتَبِينَ ﴿٢٤﴾

**24. Гьеб жужахIалда жанир сабру гьабун жал чIаниги** яги жидеца сабро гьабич1ого жал зигирданиги **жидер руссунеб бакI цIа буго.**

**Жидеца тавбу гьабун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рази гьавизе абун гьел лъугьани гьезие Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва тавбу къабул гьаби букIунаро.** Ахираталъул рукъоб жазаъ гьабула, ва гьеб жазаалъул хиси букIунаро.

۞وَقَيَّضْنَا لَهُمْ قُرَنَآءَ فَزَيَّنُوا۟ لَهُم مَّا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَحَقَّ عَلَيْهِمُ ٱلْقَوْلُ فِىٓ أُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِم مِّنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ ۖ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ خَٰسِرِينَ ﴿٢٥﴾

**25. Гьел мушриказе жидеда релълъарал гьудулзабиги гьарун рукIана. ЩайтIаби ругониги, гIадамал ругониги. Гьез дол мушриказда жидеца гьабулеб гIамал берцинаблъун бихьизе гьабуна. Гьез цебехун гьабураб ва хадуб гьабизесеб гIамал цIакъ лъикIаблъун бихьизе гьабуна.**

Зубдатул тафсиралда абуна: «Гьел мушриказе дунялалъул чIаголъи берцин бихьизе гьабуна ва гьел жидер шагьватазда нахърилълъине гьарун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъиялда хьвадизе гьаруна. Ахиратги гьезда берцин бихьизе гьабуна ахиратги букIине гьечIо гьениб гIазабги букIине гьечIо абун.

Гьедин щайтIабиги мушрикалги рекъон жидер къабихIаб гIамал берцинаблъун бихьун гьел хьвадидал **гьезие гIазаб гьабизе бугеб хIукмуги хIакъаблъун лъугьана жидеда церехун рукIарал гIадамазулги женазулги жидеда релълъарал куфру-ширкалъул агьлугун цадахъ. Х1акълъунго гьел киналго лъугьана дунялалдаги ахираталдаги жал чIорого хутIараллъун.** Дунялалда гьел чIорого хутIана жидеца гьабураб гIамалалъул хIасил гьабизе щвечIого жал гьалаг гьарун. Ахираталда чIорого хутIана жидеца гьабураб гIамалалъул жидее щибго мунпагIат гьечIого.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَا تَسْمَعُوا۟ لِهَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ وَٱلْغَوْا۟ فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَغْلِبُونَ ﴿٢٦﴾

**26. Капурзабаца абуна: «Нуж гьеб Къуръаналда гIенеккуге, нужеца гьеб цIалулеб мехалъ ахIи-хIур гьабе! Гьедин гьабуни нуж бергьине руго аварагасдаса»** - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица бицана: «Абужагьлица абулеб букIана: «Гьев МухIаммадица صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Къуръан цIалулеб мехалъ нуж гьесда сверун лъугьун, гьесул гьумералда цере чIун ахIде, гьес бицунеб жо гIадамазда рагIизе ва бичIчIизе тоге» – абун.

فَلَنُذِيقَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ عَذَابًا شَدِيدًا وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَسْوَأَ ٱلَّذِى كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Дица гьел капурал гIадамазда чIамизе гьабич1ого теларо цIакъ квешаб гIазаб ва Дица гьезие жидер квешаб гIамалалда**

**рекъараб жазаъги гьабичIого теларо.**

ذَٰلِكَ جَزَآءُ أَعۡدَآءِ ٱللَّهِ ٱلنَّارُۖ لَهُمۡ فِيهَا دَارُ ٱلۡخُلۡدِ
جَزَآءَۢ بِمَا كَانُواْ بِـَٔايَٰتِنَا يَجۡحَدُونَ ٢٨

**28. Гьеб квешаб гIазаб буго Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **тущбабазе гьабулеб жужахIалъул гIазаб, гьеб жужахI буго гьезул даимго жаниб чIолеб рукъ. Гьеб жазаъ жидее гьабула жидеца Дир аятазда ва Дир аварагзабазда** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **инкар кквей сабаблъун.**

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ رَبَّنَآ أَرِنَا ٱلَّذَيۡنِ
أَضَلَّانَا مِنَ ٱلۡجِنِّ وَٱلۡإِنسِ نَجۡعَلۡهُمَا تَحۡتَ
أَقۡدَامِنَا لِيَكُونَا مِنَ ٱلۡأَسۡفَلِينَ ٢٩

**29. Къиямасеб къоялъ жужахIалда жаниса капурзабаца абула:**
**«Я нижер БетIергьан! Дуца нижеда рихьизе гьаре ва нижеда цере риччай жидеца ниж къосине гьарурал гIадамалги, женалги.**
**Нижеца гьел нижер хIатIазда гъоркьги лъун мерхьина: гьездаса ццим босизе ва нижер ракIал хIалхьизе. Гьел жужахIалъул тIиналдаги рукIине.** Гьеб буго бищунго гIазаб цIикIкIараб, жинда жаниб мунапикъзаби рехулеб жужахI. Кинабго жужахIалъул агьлуялъул гьан-ракьа бухIараб, жиб махIцараб хьверд-рецIги жинда жанибе чвахулеб.

إِنَّ ٱلَّذِينَ قَالُواْ رَبُّنَا ٱللَّهُ ثُمَّ ٱسۡتَقَٰمُواْ
تَتَنَزَّلُ عَلَيۡهِمُ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ أَلَّا تَخَافُواْ
وَلَا تَحۡزَنُواْ وَأَبۡشِرُواْ بِٱلۡجَنَّةِ ٱلَّتِي كُنتُمۡ
تُوعَدُونَ ٣٠

**30. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъурал, «нижер БетIергьан Аллагь вуго»-абун жидеца абурал, цинги Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат гьабиялда ритIунги чIарал – гьал гIадамазда Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан малаикзаби рещтIуна ва гьез абула:**
**«Нуж хIинкъуге ва нуж пащманлъуге! Нужее рохел буго алжаназул нигIматаздалъун. Гьел алжанал руго дунялалда ругеб мехалъ нужее къотIи гьабун букIарал»-абун.**

Аллагьасе гIибадат гьабиялда ритIун чIарал абураб рагIи буго гIараб мацIалда бугеб «Истикъамат» абураб рагIиялъул магIна. Гьеб истикъамат абураб рагIиялдаса мурад букIуна унго-унгояб, хIакъикъияб иман лъей ва гьеб иман лъеялда витIун чIей.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас минбаралде вахун вагIза гьабулеб мехалъ гьаб аят цIалана цинги абуна: «Нуж валлагьиги ритIун чIа Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нухалда, гьесие мутIигIлъун, цинги нуж царал гIадал пишаби гьарун гьеб нухдаса гьетIаруге!» - абун. ХIасанул Басриясги абулеб букIана: «Я дир БетIергьан Аллагь! Мун вуго нижер БетIергьан. Дуца нижее истикъамат кье!» – абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ

жиндие истикъамат кьурав чи вуго жиндие бахьи буголъи щварав чи. Гьеб истикъамат жиндие кьурав чи Аллагьасе ﷻ гьабулеб гIибадаталъулъги, гьесул лагъзадерилгун гьабулеб гIамалалъулъги Аллагьасдасан ﷻ хIинкъарав, гьев разилъи тIалаб гьабулев вукIуна. Гьесдасан хиянат бихьуларо, гьереси рагIуларо, къотIуе хилиплъи букIунаро. Божилъи гьабураб жоялъулъ рекIкIги гьабуларо. Жиндирго напсалдасан Аллагьги ﷻ аварагги жиндие рокьулев вукIуна. Жиндирго напсалдасан жиндир диналъул вац тIаса вищулев, гьесие лъикIлъи гьабулев вукIуна. Аллагьас ﷻ нилъее ризкъилъун гьабеги гьаб истикъамат.

نَحْنُ أَوْلِيَآؤُكُمْ فِي ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَفِي ٱلْـَٔاخِرَةِ ۖ وَلَكُمْ فِيهَا مَا تَشْتَهِيٓ أَنفُسُكُمْ وَلَكُمْ فِيهَا مَا تَدَّعُونَ ﴿٣١﴾

**31. Ниж руго нуж дунялалда ругеб мехалъ нужер гьудулзабилъун рукIарал, ахираталдаги ниж нужер гьудулзаби руго (вализаби руго) гьал алжаназда жаниб нужее бокьарабщинаб жоги буго, нужее гьениб жаниб нужеца тIалаб гьабураб ва нужер напсазе бокьараб жо бачIуна ва кьола.**

نُزُلًا مِّنْ غَفُورٍ رَّحِيمٍ ﴿٣٢﴾

**32. Гьел киналго нигIматал руго Жив гурхIулев, жинца мунагьал рахчулев нужер БетIергьанас нужее хIадур гьабураб гьоболлъи.**

وَمَنْ أَحْسَنُ قَوْلًا مِّمَّن دَعَآ إِلَى ٱللَّهِ وَعَمِلَ صَٰلِحًا وَقَالَ إِنَّنِي مِنَ ٱلْمُسْلِمِينَ ﴿٣٣﴾

**33. Жиндаса лъикIав чи щивха вукIинев жинца бицунеб рагIиялъул рахъалъан жинца Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ахIулев чиясдаса. Жинца лъикIаб гIамалги гьабулев ва жинца абулев: «дун вуго Аллагьасе ﷻ мутIигIал, гьесда тIубанго божарал гIадамаздаса»-абун.** Жинца Аллагьасда ﷻ ахIи букIуна бищунго цебе жиндир лъикIаб гIамалалдалъун, хадуб жиндир рагIиялдалъунги. Гьев чи вукIине ккола живго хIакъаб нухалда тIовитIаравлъун ва гьеб нухалда хьвадулевлъун.

ТIадегIанав Аллагьас лъабго сипат гьабун буго жинца Аллагьасул ﷻ диналде ахIулев чиясе:

1-жив иман лъун Аллагьасе ﷻ мутIигIлъарав вукIин,

2-жинца лъикIаб гIамал гьабулев вукIин

3-жинца цогидалги гьеб иман лъеялдеги лъикIаб гIамал гьабиялдеги ахIулев вукIин.

Цо гIалимзабаца абуна гьаб аят бугин жидеца как ахIулел чагIазул

хIакъалъулъ бугеб абун. Гьеб жидер рагIи ритIухъ гьабун хIадисалги рицана гьез.

**34. ЛъикIаб гIамалги квешаб гIамалги цоцада релълъун гьечIо, жиб кIиябго бащадги гьечIо. Дуца, жинца квешаб гIамал гьабулев чиясул квешлъи нахъе чIвае лъикIаб гIамалалдалъун.**

وَلَا تَسْتَوِي ٱلْحَسَنَةُ وَلَا ٱلسَّيِّئَةُ ۚ ٱدْفَعْ بِٱلَّتِي هِيَ أَحْسَنُ فَإِذَا ٱلَّذِي بَيْنَكَ وَبَيْنَهُۥ عَدَٰوَةٌ كَأَنَّهُۥ وَلِيٌّ حَمِيمٌ ﴿٣٤﴾

Ццим бахъи сабру гьабиялдалъун нахъе чIвае, ахIмакъав чи хIалимлъиялдалъун нахъе чIвае, дуе квешлъи гьабураб мехалъ гьелдаса тIаса лъугьун те. **Гьал гIамалал дуца хьвадизе гьаруни дудехун жиндир тущманлъи бугев чи х1акълъунго жиндие мун вокьулев дур лъикIав гьудуллъун лъугьине вуго.**

**35. Гьаб берцинаб тIабигIат ва тIадегIанаб макъам щоларо жидеца сабру гьабулел гIадамазе гурони.**

وَمَا يُلَقَّىٰهَآ إِلَّا ٱلَّذِينَ صَبَرُواْ وَمَا يُلَقَّىٰهَآ إِلَّا ذُو حَظٍّ عَظِيمٍ ﴿٣٥﴾

Жиндир напс куцарав, ццим бахъи жаниб къулчIиялдалъун, жиндие гьабураб къварилъи-зарал хIехьеялдалъунги. **Гьеб макъам щоларо Аллагьас ﷻ жиндие тIубараб бахьи буголъи кьурав чиясе гурони.**

**36. Гьаб дуда амру гьабураб хIалалъ лъикIаб гIамалалдалъун квешаб гIамал нахъе чIвазе мун теларо абун, мун ццим бахъиналда вачине абун щайтIан дуда сверун лъугьани,**

وَإِمَّا يَنزَغَنَّكَ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ نَزْغٌ فَٱسْتَعِذْ بِٱللَّهِ ۖ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٣٦﴾

**дуца Аллагьасул ﷻ цIаралдалъун цIуни гьаре гьеб щайтIаналъул квешлъиялдаса. Х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо лъалев.**

**37. ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел аятаздасан буго сордоги, кьоги, бакъги, моцIги.** Гьал киналго Аллагьас ﷻ квегъун руго инсанасе мунпагIаталъе.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِ ٱلَّيْلُ وَٱلنَّهَارُ وَٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُ ۚ لَا تَسْجُدُواْ لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَٱسْجُدُواْ لِلَّهِ ٱلَّذِي خَلَقَهُنَّ إِن كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ﴿٣٧﴾

**Нужеца сужда гьабуге бакъалъе яги моцIалъе.** Гьел руго Аллагьас ﷻ рижарал гьесул махлукъ. **Нужеца сужда гьабе жинца гьел рижарав Аллагьасе ﷻ . Нуж гьев Аллагьасе ﷻ гIибадат хас гьабулел ва бацIцIад гьабулел муъминзаби ратани нужеца гьесие гурони сужда гьабуге ва**

**цогидаб гIибадатги гьабуге.**

فَإِنِ ٱسۡتَكۡبَرُواْ فَٱلَّذِينَ عِندَ رَبِّكَ يُسَبِّحُونَ لَهُۥ بِٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِ وَهُمۡ لَا يَسۡـَٔمُونَ ۩ ﴿٣٨﴾

**38. Гьел капурзаби Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабизе чIухIани нужеца гьелъул кIвар гьабуге. Гьеб чIухIиялъул гIазаб гьезие букIине буго. Х1акълъунго зобалазда ругел малаикзаби Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тасбихI-сужда гьабулел руго релъедаги къадги. Гьеб гIибадат гьабизе жал кIвахIаллъуларо ва чIухIуларо.**

<u>Гьал (37-38) аятал ц1алидал сужда гьабизе суннатаб буго.</u>

Гьаб «Сурату Фуссилаталъул» хиралъи бицун жинда Аллагь разилъаяв МухIаммад ибну Каг1бил Къуразиясдасан бицараб хIадисалда буго: *«Къурайшиязул сайид Г1утбат ибну РабигIатги гьесул гьалмагъзабиги КагIба рукъалъул рагIдукь гIодорчIун рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад масжидалда жанив ун Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *гIибадат гьабулев живго цохIого вукIана. Цинги гьев ГIутбатица абуна: «Я къурайшиязул жамагIат! Дун инищ МухIаммадида кIалъазе ва гьесулгун цо-цо ишалъе къотIи гьабизе. Гьев разилъани гьес абураб жо нилъеца гьесие кьела ва нилъ гьесул зараралдаса цIунараллъун рукIина»* - абун. *Гьесул «зарал» букIана гьел исламияб диналде ахIи ва гьел хъанчие лагълъи гьабиялдаса нахъе чIвай. Гьеб заман букIана жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатги Исламияб диналде вачIараб ва жидеда аварагасул асхIабзаби къойидаса къойиде гIемерлъулел рихьараб.*

*Къурайшиял разилъун ГIутбат МухIаммадихъе* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *ана ва гьесда аскIов гIодовчIун гьес абуна: «Я дир вацасул вас! Дуда лъала мун нижеда гьоркьов лъикIаб тухумалъул, нижеца къадру-къимат гьабулев чи вукIин. Мун дур къавмалда цIакъ кIудияб амруги бачун вачIана, дуца жамагIатги бикьизе гьабуна, гьел гIадамаз гьабулеб жоги дуца ахIмакъаб жолъун рикIкIунеб буго. Нижер Аллагьзабаздаги гIайиб чIвана дуца, нижер диналдаги гIайиб чIвана, гIарабиязда нижги къватIир чIвазе гьаруна. Къурайшиязда гьоркьов цо сихIручи ваккун вугин абун абизе гьелги тIамуна. Нижер церехун арал умумуз гьабураб жоялда инкарги ккуна дуца. Дица дуда цо чанго амру цебе лъезе буго, гьезул цонигияб дуца къабул гьабуладай абун балагьизе.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бице, я Абал Валид, дун гIенеккизе вуго» - абун. ГIутбатица абуна: «Я дир вацасул вас! Дуе гьеб мун жиндалъун нижехъе вачIараб жоялдалъун боцIи-мал бокьун батани, нижеца бакIарун дуе*

*гьеб кьела, нижедаса бищунго бечедав мун вукIунеб хIалалъ. Дуе гьелдалъун хиралъи ва тIадегIанлъи бокьун батани нижеца мун нижер сайидлъун гьевила ва дуда гьикъичIого цониги ишги гьабиларо. Дуе ханлъи бокьун батани, нижеца мун нижер ханлъунги гьавила. Гьеб дуда бугеб жо иблисалъул зарал ва унти батани мун сах гьавизе нижеца тIабибал (врач) цIехела ва гьезие мухьги кьела мун сах гьавуралъухъ» - абун.*

*Гьаб хабарги бицун Г1утбат чIараб мехалъ аварагас абуна: «Дур бицунеб жо тIубанищ, я Абал Валид!» – абун. Гьес «ТIубана»-ян абидал аварагас* ﷺ *абуна: «Гьанже мун дихъги гIенеккеха!» - абун. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бисмиллагьги бахъун гьаб сурат цIализе байбихьана. Мугъалда нахъа квералги лъун гьесдаги гIенеккун Г1утбатги вукIана. Жиндилъ сужда гьабулеб аяталда щвезегIан гьаб суратги цIалун, гьеб бакIалда суждаги гьабун, хадуб аварагас абуна: «Дуда рагIанаха, я Абал Валид, дица цIалараб Къуръан. Гьанже дуего бокьараб гьабе дуца!» - абун. Г1утбат тIадеги вахъун жиндир къавмалде аскIове ана. Гьев вихьарабго къавмалъги абуна: «Валлагьи,гьев Г1утбат нижеда аскIосан араб хIалалъ гьечIо, гьасул хIал хисун буго» – абун.*

*Цинги Г1утбатицаги абуна: «Дида МухIаммадица цIалараб жо рагIана. Валлагьи гьединаб калам дида жеги рагIун букIинчIо. Гьеб жо сихIру гьечIо, гьересиги гьечIо, шигIруги гьечIо. Я Къурайшиязул жамагIат! Нуж дир гIакълуялъе мутIигIлъе! Гьев МухIаммадги, гьес гьабулеб ишги нилъеца жибго те (гьелда щибго дагIба-къец гьабуге). Валлагьи гьес бицунеб хабар гIадамазда рагIинчIого ва ракьалда тIибитIичIого рес гьечIо! Цогидал гIарабияз гьесие зарал гьабуни (гьев чIвани) нилъедаса гьеб иш тIаса араб букIина. Гьев гIарабияздаса бергьани ва гьезда тIад ханлъун лъугьани гьесул ханлъи нужерги ханлъи букIуна, гьев хиралъиги нуж хиралъи букIуна, нужги гьев сабаблъун бищунго бахьи бугеб гIадамаллъун рукIуна» - абун. Цинги къурайшияз абуна: «Валлагьи, я Абал Валид, дуеги сихIру гьабун бугоха гьев чияс!»* – абун. Х1адис ибну Исх1акъица бицана.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦٓ أَنَّكَ تَرَى ٱلْأَرْضَ خَٰشِعَةً فَإِذَآ أَنزَلْنَا عَلَيْهَا ٱلْمَآءَ ٱهْتَزَّتْ وَرَبَتْ ۚ إِنَّ ٱلَّذِىٓ أَحْيَاهَا لَمُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰٓ ۚ إِنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٣٩﴾

**39. Гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIаламатаздаса буго х1акълъунго дуда ракь бихьулеб букIин жиб бакъван, жинда тIад хур-хер гьечIого, жиб хIелун, гIодобегIанлъун бугеб гIадин.**

**Цинги Дица гьеб ракьалда тIаде цIад рещтIине гьабураб мехалъ гьеб цIакъ багъа-бачарула, жиб тамахлъун, борхунги бачIуна,**

**жинда тIад херги бижула. Х1акълъунго гьаб хвараб ракь жинца чIаго гьабурав Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца хварал гIадамалги чIаго гьаризе ругев. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолев,** жиндир гьунар гуч бергьарав, жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ жив нахъе чIваларев хан.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُلۡحِدُونَ فِيٓ ءَايَٰتِنَا لَا يَخۡفَوۡنَ عَلَيۡنَآۗ أَفَمَن يُلۡقَىٰ فِي ٱلنَّارِ خَيۡرٌ أَم مَّن يَأۡتِيٓ ءَامِنٗا يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۚ ٱعۡمَلُواْ مَا شِئۡتُمۡ إِنَّهُۥ بِمَا تَعۡمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٤٠﴾

**40. Х1акълъунго жидеца Дир Къуръан хисизе гьабулел гIадамал: гьелъул магIна мекъи гьабун, рагIаби хисизе гьарун, хIукмуялда инкар ккун, гьел гIадамал Дидаса бальго хутIуларо.** Дица гьезие гIазаб гьабизе буго. **Жал жужахIалда жанире рехулел гIадамалищ лъикIал ругел, яги къиямасеб къоялъ жал щибго хIинкъиго гьечIого рукIунел гIадамалищ лъикIал ругел? Нужеца нужеего бокьараб гIамал гьабе, гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев.** Жив нужеда тIаде валагьун вуго, нужгун цадахъги вуго.

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ بِٱلذِّكۡرِ لَمَّا جَآءَهُمۡۖ وَإِنَّهُۥ لَكِتَٰبٌ عَزِيزٞ ﴿٤١﴾

**41. Х1акълъунго жидехъе Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **калам бачIараб мехалъ гьелда инкар кколел гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIине буго.**

**Х1акълъунго гьаб Къуръан жиндир къадру кIудияб тIехь буго.**

لَّا يَأۡتِيهِ ٱلۡبَٰطِلُ مِنۢ بَيۡنِ يَدَيۡهِ وَلَا مِنۡ خَلۡفِهِۦۖ تَنزِيلٞ مِّنۡ حَكِيمٍ حَمِيدٖ ﴿٤٢﴾

**42. Гьелда тIаде цониги рахъалъан хисбас ва жиб батIул гьаби бачIунаро.** Гьелдаса щибго жо нукъсан гьабуларо, гьелда тIаде щибго жо цIикIкIизеги гьабуларо.

**Гьеб Къуръан буго жив веццарав, жиндир хIикмат камилав Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **рещтIине гьабураб калам.**

مَّا يُقَالُ لَكَ إِلَّا مَا قَدۡ قِيلَ لِلرُّسُلِ مِن قَبۡلِكَۚ إِنَّ رَبَّكَ لَذُو مَغۡفِرَةٖ وَذُو عِقَابٍ أَلِيمٖ ﴿٤٣﴾

**43. Дур къавмалъул капурзабаца дуда абулеб жо гьечIо, МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**, дуда цере рукIарал аварагзабазда** عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ **гьезул къавмаз абураб жо гурони.**

Гьезиеги гьабуна дуе гьабураб гIадаб къварилъи. Дуца сабру гьабе, дуе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи гьабураб квербакъи букIине буго ва гьел капурзабазе гIазабги гьабизе буго. **ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь вуго жинца муъминзабазул мунагьал рахчулев ва жинда**

**гIасилъарал г1адамазе жинца гIазаб гучаб гьабулевги.**

وَلَوْ جَعَلْنَٰهُ قُرْءَانًا أَعْجَمِيًّا لَّقَالُوا۟ لَوْلَا
فُصِّلَتْ ءَايَٰتُهُۥٓ ۖ ءَا۬عْجَمِىٌّ وَعَرَبِىٌّ ۗ قُلْ هُوَ
لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ هُدًى وَشِفَآءٌ ۖ وَٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ
فِىٓ ءَاذَانِهِمْ وَقْرٌ وَهُوَ عَلَيْهِمْ عَمًى ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ
يُنَادَوْنَ مِن مَّكَانٍ بَعِيدٍ ﴿٤٤﴾

**44. Дица гьаб тIехь гьабун букIараб ани гIажам мацIалда жиб цIалулеб Къуръанлъун, Маккаялъул мушрикаца абизе букIана: «Гьеб Къуръаналъул аятал нижее нижерго мацIалда баян гьарун рукIарал анищ!» -абун. Цоги гьез абилаан гIарабиязул аварагасда гIажамияб тIехьищ рещтIине гьабулеб абун.**

**Дуца абе, МухIаммад ﷺ, гьаб Къуръан буго жидеца иман лъурал г1адамазул ракIазе дарулъун ва гьел хIакъаб нухалда тIоритIулеб нурлъунги. Жидеца иман лъоларел гIадамазул гIундул гIинкъал руго гьеб Къуръан жидеда рагIиялдаса, гьезда гьаб Къуръаналъул тIоритIелги бихьулеб гьечIо.** Муъминзабазе гьаб Къуръан нур буго, капурозабазе бецIлъилъун буго. **Гьел капурзаби руго жидеда рикIкIадаса ахIулеб гьаракь рагIулел гIадамазда релълъун:** Жидеда гьаракь рагIулел, амма ахIулеб жо (рагIи) бичIчIуларел.

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ فَٱخْتُلِفَ فِيهِ ۗ
وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَقُضِىَ
بَيْنَهُمْ ۚ وَإِنَّهُمْ لَفِى شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيبٍ ﴿٤٥﴾

**45. Х1акълъунго, МухIаммад ﷺ, Дица Муса аварагасухъеги عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ тIехь кьун букIана. Гьаб тIехьалдаги цояз иман лъуна, цогидаз инкар ккуна.**

Гьеб дуда рещтIине гьабураб Къуръаналда дур къавмалъ инкар ккуна абун дуца ракI къварид гьабуге! **Дур БетIергьан Аллагьас цебего гьабураб хIукму букIинчIеб ани гьел мушриказе гIазаб ахираталда гьабила абун, гьезие гIазаб гьабун тIубазе гьабилаан дунялалдаго. Х1акълъунго гьел капурзаби цIакъ щакдарулел руго гьаб Къуръаналъул амруялъулъ:** Жидер гIакълу дагьаб букIун, ракIалги беццал рукIун.

مَّنْ عَمِلَ صَٰلِحًا فَلِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَنْ أَسَآءَ
فَعَلَيْهَا ۗ وَمَا رَبُّكَ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿٤٦﴾

**46. Жинца лъикIаб гIамал гьабурав чи жиндирго напсалъе лъикIлъи гьабурав чи вуго. Жинца квешлъи гьабурав жиндирго напсалъе квешлъи гьабуравги вуго.**

**Дур БетIергьан гьечIо, МухIаммад ﷺ, жинца лагъзадерие зулму гьабулевлъун.** Щивасул гIамалалда релълъараб жазаъ гьабула: квешаб гIамал гьабуразе цохIо зарра гIадаб жоги тIаде цIикIкIизе гьабуларо. ЛъикIаб гIамал гьабуразе гIемерго лъикIлъи

цIикIкIизе гьабула.

**47. Къиямасеб къо кида бачIунеб цохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала. Жиндир тIегьалдаса (къвачIаялдаса) къватIибе цохIо пихъил горо бижуларо, цохIо цIуяб жо къинабги лъугьунаро, цохIо тIинчI эбелалъул чохьониса къватIибеги лъугьунаро гьеб кинабго жо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъалеб букIун гурони. Къиямасеб къоялъ гьел мушриказда ахIараб мехалъ: «Кире арал нужер аллагьзаби, нужеца дидехун ширк гьабун жидее лагълъи гьабурал»-абун, гьез жаваб гьабула: «Жакъа ниж дуе мукIурлъулел руго, нижер цониги чи гьечIо дуе шарик вуго абулел»- абун.** Гьеб къоялъ мушриказ инкар гьабула жидеца ширк гьабиялда, гьединго жидее лагълъи гьабурал аллагьзабазги инкар гьабула гьел мушриказ жидее лагълъи гьабиялда.

إِلَيْهِ يُرَدُّ عِلْمُ ٱلسَّاعَةِ وَمَا تَخْرُجُ مِن
ثَمَرَٰتٍ مِّنْ أَكْمَامِهَا وَمَا تَحْمِلُ مِنْ أُنثَىٰ
وَلَا تَضَعُ إِلَّا بِعِلْمِهِۦ وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ أَيْنَ
شُرَكَآءِى قَالُوٓا۟ ءَاذَنَّٰكَ مَا مِنَّا مِن شَهِيدٍ ٤٧

**48. Гьел мушриказдаса рикIкIалъула дуяналалда ругеб мехалъ жидее лагълъи гьабурал хъанчал. Гьезда якъинго лъала гьанже жал гIазабалдаса рорчIулареблъи, жидее лъутизе, рахчизе бакI гьечIеблъиги.**

وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا۟ يَدْعُونَ مِن قَبْلُ
وَظَنُّوا۟ مَا لَهُم مِّن مَّحِيصٍ ٤٨

**49. Жиндир иман гьечIев чи Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ жиндие лъикIлъи гьарун чIалгIунарев вуго:** кигIан гIемер бечелъи, сахлъи, лъимал-хъизан жиндие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьуниги гьев цогиги бугеб анищ абун вукIуна. **Ва амма жинда цодагьабго къварилъи хъатIараб мехалъ гьев инсан жиндир хьул къотIун, сабру хун вукIуна.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалдаса хьул къотIула гьел рахIматал жиндие кьурав чи Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вук1ин жинда лъаларев чиясул.

لَّا يَسْـَٔمُ ٱلْإِنسَٰنُ مِن دُعَآءِ ٱلْخَيْرِ وَإِن
مَّسَّهُ ٱلشَّرُّ فَيَـُٔوسٌ قَنُوطٌ ٤٩

**50. Гьеб къварилъи-заралги тIаса босун хадубги Дица гьев чиясе нигIматал кьураб мехалъ гьес абизе буго: «Гьаб буго дир гьунаралдалъун дие щвараб нигIмат»** - абун. Балагьазда сабру гьечIолъиги, нигIматазда щукру гьечIолъиги буго капурзабазул ва

وَلَئِنْ أَذَقْنَٰهُ رَحْمَةً مِّنَّا مِنۢ بَعْدِ ضَرَّآءَ
مَسَّتْهُ لَيَقُولَنَّ هَٰذَا لِى وَمَآ أَظُنُّ ٱلسَّاعَةَ
قَآئِمَةً وَلَئِن رُّجِعْتُ إِلَىٰ رَبِّىٓ إِنَّ لِى عِندَهُۥ
لَلْحُسْنَىٰ فَلَنُنَبِّئَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِمَا عَمِلُوا۟
وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنْ عَذَابٍ غَلِيظٍ ٥٠

мунапикъазул загьираб ва баянаб гIаламат.

Хадубги гьев чияс абизе буго: **«Дида ракIалде ккола Къиямасеб къо букIинего гьечIин абун. Нагагь дун ахираталда Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **вуссине гьавуни х1акълъунго дие гьенибги лъикIлъи букIине буго»** - абун. Щибго лъикIаб гIамалги гьабичIого гьав ахIмакъасул хьул лъолеб буго жиндие ахираталдаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъикIлъи гьабилин абун. Гьесул рагIи гьереси гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **БичасхIаги капурзабазда цIакъ рихьизе гьарила ва рицила жидеца дунялалда гьарурал къабихIал гIамалал, ва БичасхIаги дица гьезда цIакъ гучаб гIазабги чIамизе гьабила!**

**51. Дица инсанасе нигIматал кьураб мехалъ гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щукру гьабиялдаса вуссунев вуго, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **мутIигIлъизеги чIухIулев вуго.**

وَإِذَآ أَنۡعَمۡنَا عَلَى ٱلۡإِنسَٰنِ أَعۡرَضَ وَنَـَٔا بِجَانِبِهِۦ وَإِذَا مَسَّهُ ٱلشَّرُّ فَذُو دُعَآءٍ عَرِيضٖ ﴿٥١﴾

Г1амалкIодолъун, мегIер кIичIун, гьаваялдаса воржунев чи г1адин вукIунев вуго. **Цинги гьесда цо къварилъи хъатIараб мехалъ гьесда кинабго чIухIи кIочонеб буго ва жив гIемераб гьари-дугIа гьабизе лъугьунев вуго.** Гьаб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазда щукру гьабуларев чиясул тIабигIат: лъикIлъиялда вугеб мехалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIочон вукIуна гьев, къварилъиялде ккараб мехалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гурони кIанцIулеб бакIги батуларо.

**52. Дуца мушриказда абе, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, нужеца дида бице гьаб нужеца жиб гьереси гьабулеб Къуръан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **калам батани, гьелда нужеца инкарги кколеб бугони, нужер щиб хIалдай букIинеб абун?**

قُلۡ أَرَءَيۡتُمۡ إِن كَانَ مِنۡ عِندِ ٱللَّهِ ثُمَّ كَفَرۡتُم بِهِۦ مَنۡ أَضَلُّ مِمَّنۡ هُوَ فِي شِقَاقِۭ بَعِيدٖ ﴿٥٢﴾

Нуж руго цIакъ квешаб къосиналъулъ ва тущманлъиялъулъ ругел гIадамал. **Гьединаб къосиналъулъ вугев чиясдаса квешав щив чиха вукIинев?!» - абун.**

**53. Дица гьезда рихьизаризе руго гьаб Къуръан хIакъаб калам букIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал: жидеда сверухъ ругел зобал-ракьалъулъ ва гьединго жидерго напсазульги.**

سَنُرِيهِمۡ ءَايَٰتِنَا فِي ٱلۡأٓفَاقِ وَفِيٓ أَنفُسِهِمۡ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمۡ أَنَّهُ ٱلۡحَقُّۗ أَوَلَمۡ يَكۡفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ شَهِيدٌ ﴿٥٣﴾

Гьел цIакъ кIудиял гIаламатал руго жидеца пикру гьабулел гIадамазе ва гьезда жаниб баянаб хIужа буго гьаб кинабго махлукъ бижарав Халикъ вукIиналда.

Гьев Халикъ жив цогояв Аллагь ﷻ вукIиналда тIоритIел гьабула гьеб махлукъалъул тадбир цIакъ камилго гьабун букIиналъ. Гьеб тадбир гьабулев чи кIиго яги гIемерал рукIарал ани гьадинаб камилаб тадбир букIинароан: якъинаб жо буго кIиго яги гIемерал гIадамазул пикру ва мурад кидаго цохIо хIалалъ букIунареблъи. Гьезул пикру цоцаде данде ккечIеб мехалъ гьел цоцалъ къацандула. Гьеб дагIба-къец ккараб мехалъ гьаб гIаламалъул низам ва тадбирги биххилаан. **Гьаб гIаламалъул пикру гьабураб мехалъ гьел гIадамазе тIубанго баянлъизе, гьаб Къуръан хIакъаб Аллагьасул ﷻ калам букIин. Гьел мушриказе дур БетIергьан Аллагь гIоларогонищ вугев нуг1лъун мун гьесул авараг вукIин жидеда лъазе? Гьев Аллагь ﷻ вуго гурищ жинда кинабниги жо бихьулев ва лъалев?** Гьез пикру гьабулеб гьечIо Аллагьасул ﷻ аятазул, гьезда бичIчIулебги гьечIо Аллагьасул ﷻ калам.

أَلَآ إِنَّهُمۡ فِي مِرۡيَةٖ مِّن لِّقَآءِ رَبِّهِمۡۗ أَلَآ إِنَّهُۥ بِكُلِّ شَيۡءٖ مُّحِيطُۢ ٥٤

**54. Мун кантIе, я гьав инсан! Х1акълъунго гьал мушрикал руго жидеца ахират букIиналда иман лъоларого, гьенир жал жидер БетIергьангун данде чIвазе рукIиналда божуларого щакдариялъулъ. Дуда лъае, я гьав инсан, х1акълъунго гьев Аллагь ﷻ вукIин жиндир гIелмуялдалъун жив кинабго жоялда сверун лъугьарав.** Гьесда лъала капурзабазулги мушриказулги хIал: гьез бицунеб хабарги лъала, гьабулеб гIамалги лъала. Гьезие гьабизе хIакъаб гIазабги ахираталда Аллагьас ﷻ гьабизе буго.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун Сурату Фуссилаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго.

## 42. Сурату Щӯра

سُورَةُ الشُّورَىٰ

*Гьаб сураталда жаниб аслияб куцалъ бицен гьабулеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалаталъул ва гьесул вахIюялъулги. Сураталъул байбихьуда гьеб вахIюялъул ва рисалаталъулги БетIергьанлъун жив вугев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ бицун буго. Жинца расуллъун витIизе бокьарав чи тIаса вищулев, гьесда инсан куфру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде вачунеб дин жинца вахIю гьабулев, жиндий зобалазул агьлуялъ щибаб гIужалъ тисбихI гьабулев, кинабго махлукъалъул БетIергьанлъунги жив вугев.*

*Хадуб мушриказул хIал баян гьабун буго, гьезул рагIиялъул къабихIлъиялъ зобал тIутIун ине гIагарлъула абулеб буго. Гьеб къабихIаб рагIиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лъимал руго аби буго. Киналго расулал жиндалъун ритIулеб дин цохIо дин букIин баян гьабулеб буго. Гьеб динги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьаби буго, Аллагьасул расулаздаги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьесул тIахьаздаги иман лъей буго.*

*Къуръаналда инкар кколел, гьеб гьереси гьабулел гIадамазул бицун буго, ахират букIинги, хIисаб-мизан, жазаъ букIинги гьереси гьабулезулги бицун буго.*

*Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гьесул махлукъалъулъ ругел гIаламаталги рицун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялде ва гьесие мутIигIлъиялде ахIулел руго.*

*Гьаб сураталда цIар лъун буго «Шураялъул сурат» абун. Шура буго гIадамаца цоцалъ ургъун, дандбан жидер дин ва дунял гьаби. Гьеб Шура бусурбабазул жамагIаталъул бищунго кIвар бугеб иш букIиналда ишара гьабун буго гьаб сураталда жаниб бицараб жоялъульги.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

حمٓ ﴿١﴾

**1. Х1а, мим.**

عٓسٓقٓ ﴿٢﴾

**2. Г1айн, Син, Къаф.**

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIарпаздалъун бугеб жиндир мурад.

كَذَٰلِكَ يُوحِىٓ إِلَيْكَ وَإِلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكَ ٱللَّهُ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٣﴾

**3. ТIадегIанав Аллагьас дуда гьаб Къуръан вахIю гьабураб гIадин, я МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ

**дудаги ва цогидал дудасан цере рукIарал расулаздаги** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **вахIю гьабуна** жиндир рисалат.

**Жиндир гуч бергьарав, жиндир пишаялъулъ хIакимияв вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ. Жинда жаниб пайда-хIикмат гьечIеб жо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабуларо, гьеб жинца хIукму гьабураб жо тIубазе жиндир гуч бугевги вуго.

لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلۡأَرۡضِ ۖ وَهُوَ ٱلۡعَلِىُّ ٱلۡعَظِيمُ ﴿٤﴾

**4. Гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **мулк буго зобал-ракьги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъги. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жив тIадегIанав ва кинабго кIодолъи ва ханлъи жиндие бугев.**

تَكَادُ ٱلسَّمَٰوَٰتُ يَتَفَطَّرۡنَ مِن فَوۡقِهِنَّ ۚ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ يُسَبِّحُونَ بِحَمۡدِ رَبِّهِمۡ وَيَسۡتَغۡفِرُونَ لِمَن فِى ٱلۡأَرۡضِ ۗ أَلَآ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٥﴾

**5. Зобал хъвалхьун, тIутIун ине гIагарлъун рукIуна Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **кIодолъи, тIадегIанлъиялдаса хIинкъун; цоязда тIад цоял ругел гьел зобал.**

Цоги магIна гьабуна: Гьел зобал тIутIун ине гIагарун рукIуна гьаб ракьалда тIад ругел гIадамаз гьабулеб гIасилъи бихьун, мушриказ Аллагьасдехун гIунтIизе гьабулеб рагIи сабаблъун: Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лъимал руго, малаикзаби гьесул ясал руго абураб. **Зобалазда ругел малаикзабиги даимго Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тасбихI гьабулел рукIуна гьесие рецц гьабигун цадахъ. Ракьалда тIад ругел муъминзабазул мунагьал чуре абун Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гьарулелги рукIуна. Нуж кантIе, я гьал гIадамал! ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго**.

ТIадегIанав Аллагьас жив гуч бергьарав, жиндир ханлъи ва къадру тIадегIанав, жиндие бокьараб амру тIубазе гьунар бугев БетIергьан Аллагь жив вукIин бицун хадуб жиндир лагъзадерида хитIаб гьабулеб буго «Нуж кантIе!» - абун гьел жиндехун гIенеккизеги тIамун «Гьев гуч бергьарав ханлъун вугев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ гурхIулев ва тIаса лъугьунев вуго» - абун. Гьаб аят цIаларав чиясул рекIелъ цохIо зарра гIадаб жо иман бугони гьев лагъ гIедегIизе ккела жинца тавбу гьабизе ва жив гурхIулев, жинца мунагьал чурулев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ вуссун, гьесул ахIиялъе жаваб кьун, гьев рази гьавизе яхI бахъизе. ЛъикIаб гIамал гьаби нахъе бахъизе гьаби буго щайтIаналъ инсан махсароде кколеб бакI. ЛъикIаб гIамал «Метер гьабила» абураб рагIи инсанас абураб мехалъ гьеб малгIуналъул мугъ битIула, гьелъул ракI бохула, гьелъул тIолго черх лазат-рахIат щун хIалхьола. Инсанас тавбу гьабураб мехалъ, гьев лъикIаб гIамал гьабиялде хехлъараб мехалъ

гьеб малгIуналъул мугъ бекула ва гьеб «Вай! Вай!» - абун ахIулаго лъутун уна.

**6. Жидеца Аллагьги** ﷻ **тун, гьесие гьабулеб гIибадатги тун цоги вализаби жидее кколел гIадамал:** Жидеца Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчал ва цогидал жал аллагьзабилъун колел: **Гьезул гIамал жинда бихьулев, лъалев, гьеб г1амал хъван, ц1унун нахъе толев вуго тIадегIанав Аллагь. Мун гьечIо, МухIаммад** ﷺ**, гьезде тIаде тIамурав вакил.** Гьезда хIал гьабун хIакъаб Исламияб дин гьабизабизе. Мун вуго гьезухъе хIакъаб дин щвезабулев расул. Гьез гьабураб гIамалалъул жазаъ жидее букIине буго щибго щаклъи гьеч1ого.

وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ ٱللَّهُ حَفِيظٌ عَلَيْهِمْ وَمَآ أَنتَ عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ۝٦

**7. Дица дуда цере рукIарал аварагзабазде** عليهم السلام **вахIю гьабураб гIадин, дудаги гьаб Къуръан вахIю гьабуна, МухIаммад** ﷺ**, жиб гIараб мацIалда цIалулеб тIехьлъун. Дуца гьелдалъун хIинкъи кьезе киналго росабазул аслулъун бугеб Маккаялъул агьлуялъе, гьелда сверун ругел киналго росабазул агьлуялъеги хIинкъи кьезе: дунялалъул киналго рахъазде щун ва кинабго заманаялъ.**

وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ قُرْءَانًا عَرَبِيًّا لِّتُنذِرَ أُمَّ ٱلْقُرَىٰ وَمَنْ حَوْلَهَا وَتُنذِرَ يَوْمَ ٱلْجَمْعِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ فَرِيقٌ فِى ٱلْجَنَّةِ وَفَرِيقٌ فِى ٱلسَّعِيرِ ۝٧

**Щибго щаклъи гьечIеб Къиямасеб къо, букIине букIиналдалъунги хIинкъи кьезе. Гьеб къоялъ Аллагьасда** ﷻ **иман лъурал гIадамал алжаналде ине руго, Аллагьасде** ﷻ **инкар ккурал гIадамал жужахIалде ине руго.** Гьеб кIиго гурони унеб бакI гьечIо, гьелдаса хадуб тIокIаб хис-басги гьечIо. Аллагьасул ﷻ цIоб-рахIматалдалъун жидер рекIелъ иман букIарал, амма жидер мунагьал сабаблъун жужахIалде рехарал гIадамал къватIире рахъине гьарула, Аллагьасе ﷻ бокьарабгIан мехалъ жидее гIазаб гьабун хадуб ва гьел алжаналде лъугьине гьарула.

**8. ТIадегIанав Аллагьасе бокьарабани кинабго халкъ цохIо умматлъун гьабилаан**: ЦохIо диналда гьарилаан. Гьебги Исламияб дин буго. Яги кинабго халкъ жал къосараллъун гьарилаан.

وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ لَجَعَلَهُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَلَٰكِن يُدْخِلُ مَن يَشَآءُ فِى رَحْمَتِهِۦ ۚ وَٱلظَّٰلِمُونَ مَا لَهُم مِّن وَلِىٍّ وَلَا نَصِيرٍ ۝٨

**Кинниги Аллагьас** ﷻ **жиндие бокьарал гIадамал жиндир рахIматалъулъ лъугьине гьарула.** Исламияб диналда тIоритIун

алжаналде лъугьине гьарула. **Жал Исламияб диналде рачIинчIел зулмучагIазе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдасан гьел цIунулев вали вукIунаро ва гьезие кверабкъи гьабулев цоги щивго чиги вукIунаро.**

أَمِ اتَّخَذُوا مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ ۖ فَٱللَّهُ هُوَ ٱلْوَلِىُّ وَهُوَ يُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٩﴾

**9. Гьаб амру гьадин бугониги мушрикаца Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун цоги вализабийищ кколел ругел жидер алагьзабилъун?**

Гьез жидее кверабкъи гьабила абун, шапагIат гьабила абун. Гьабуларо гьез шапагIат ва кверабкъи. **Жив цогояв Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго киналго гIадамазул хIакъикъияв вали – гьесда буго кинабго амруялъул буссин.** Гьев вуго жинца муъминзабазе кверабкъулевги. **Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца хварал гIадамал чIаго гьарулевги. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугевги.** Гьединав Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун цоги вализаби цIехолел гIадамал ахIмакъзаби рукIин хIакъаб жо буго.

وَمَا اخْتَلَفْتُمْ فِيهِ مِن شَىْءٍ فَحُكْمُهُۥٓ إِلَى ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبِّى عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ أُنِيبُ ﴿١٠﴾

**10. Нуж жиндилъ хилиплъараб жоялъул хIукму гьаби Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръаналде буссине гьабе ва гьесул расуласул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннаталдеги буссине гьабе. Дуца къавмалда абе, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ; «гьал цере рехсарал тIадегIанал сипатал жиндие ругев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго дур БетIергьан. Киналго умуразулъ дир тавакал тIами буго гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ. Ва дида тIаде бачIараб кинабго амру буссине гьабиги гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ буго дир»-абун.**

Гьаб рагIи буго мушрикаца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурел цоги вализаби кколел ругелъул гьезул рагIи ва гIамал тIубанго мекъаб букIин бичIчIизе гьаби ва хирияв аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жиндир кинабго амру цохIо Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ буссараб букIин бицинги.

Муъминзабазул хIукму гьабизе унеб бакI Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам Къуръанги хирияв аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннатги букIуна. Динияб бугониги, дунялияб бугониги цониги масъала букIунаро жиндие Къуръан-хIадисалда рекъон хIукму гьабизе кIолареб. Къиямасеб къо чIезегIан халкъалъе къанунлъун (закон) ва дустурлъун (конституция) буго Хирияб Къуръан. Чан батIияб гIадлу хисаниги, щиб хIукумат ва улка-ракь бугониги гьеб Къуръаналда жаниб далил ва хIужжа буго гIадамазул яшавалъулъ, гьезда гьоркьоб ккараб хилап жиндалъун тIубазе гьабизе кIолеб.

Ва амма гьеб Къуръаналъ гьабураб хIукму билълъанхъизабизе ккани гьелъие къваригIуна Исламияб хIукумат ва шаргIияв имам. Гьеб кIиго жо гьечIебгIан мехалъ Къуръаналъул хIукму тIубазабизе кIоларо цIакъго дагьал масъалабазулъ гурони ва кIиявго дагIбадулав Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав муъминчи вукIун гурони.

Бусурбабазул г1емерисел щибго к1вар гьабич1ого Алллагьасул каламги тун, капурзабазул х1акимасухъе унел руго х1укму гьабизе. Гьаб буго ц1акъ мекъаб г1амал гьев капурлъиялда х1инкъи бугеб! Аллагьасул ﷻ х1укмуялдалъун гурони х1укму гьабизе бегьуларо бусурманчияс. Гьеб х1укму т1убазе к1ун гут1и гьесул г1айиб бук1унаро, амма капурзабазул къануналда рекъон х1укму гьабурав чи капурчи вук1иналда г1агараб буго. Гьелъие Къуръаналъул аяталги руго, х1адисалги руго. Ц1одорлъи гьабизе кколеб бак1 буго гьаб! Дунял буго хеккого т1аса унеб рукъ. Гьаб дунялалъул дагьабго заманаялъул маслах1атги т1аса бищун ахираталда абадияб г1азабалъулъ кколеб г1амал гьабизе бегьуларо дагьабниги г1акъло бугев чияс!

فَاطِرُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ جَعَلَ لَكُم مِّنۡ أَنفُسِكُمۡ أَزۡوَٰجٗا وَمِنَ ٱلۡأَنۡعَٰمِ أَزۡوَٰجٗا يَذۡرَؤُكُمۡ فِيهِۚ لَيۡسَ كَمِثۡلِهِۦ شَيۡءٞۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡبَصِيرُ ﴿١١﴾

**11. Жинца зобалги ракьги бижарав вуго гьев Аллагь ﷻ:** Щибго мисал сурат гьечIого гьаб кIудияб гIалам жинца батизе гьабурав вуго Аллагь ﷻ. **Нужее Аллагьас ﷻ руччабиги гьаруна нужерго напсаздаса. Гьединго Аллагьас ﷻ хIайваналги гьаруна бихьинал ва цIуял.**

**Гьелдалъун Аллагьас ﷻ нужер насло бижизе гьабула ва хIайваналги гIемерлъизе гьарула. Гьев Аллагьасда ﷻ релълъараб щибго жо гьечIо. Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо жинда бихьулев.**

Гьев Аллагьасда ﷻ релълъараб жо гьечIо жиндир заталъулъ (черхалъулъ), сипатазулъги, пишабазулъги. Къокъго абуни Аллагь ﷻ релълъарав гьечIо сунданиги.

لَهُۥ مَقَالِيدُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ يَبۡسُطُ ٱلرِّزۡقَ لِمَن يَشَآءُ وَيَقۡدِرُۚ إِنَّهُۥ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٞ ﴿١٢﴾

**12. Гьев Аллагьасда ﷻ кодоб буго зобалазулги ракьалъулги ризкъи ва хазина. Гьес жиндие бокьарасе ризкъи гIатIидго кьола, жиндие бокьарасе дагь кьунги тола.**

**Х1акълъунго Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо лъалев ва кинабго жоялъе мустахIикъаб, маслахIат бугеб жо жинца**

**гьабулев.**

**13. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее динлъун гьабун буго НухI аварагасе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ динлъун гьабун букIараб ва дуде вахIю гьабураб дин. Гьединго Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ, Муса, ГIиса аварагасдаги عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ вахIю гьабун букIараб дин. Гьеб киназдаго васият гьабураб ва вахIю гьабураб дин буго нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб диналда чIа ва нуж къукъаби гьарун гьеб диналъулъ рикьаруге абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абураб дин.**

۞ شَرَعَ لَكُم مِّنَ ٱلدِّينِ مَا وَصَّىٰ بِهِۦ نُوحًا
وَٱلَّذِىٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ وَمَا وَصَّيْنَا بِهِۦٓ
إِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَىٰٓ ۖ أَنْ أَقِيمُوا۟
ٱلدِّينَ وَلَا تَتَفَرَّقُوا۟ فِيهِ ۚ كَبُرَ عَلَى ٱلْمُشْرِكِينَ
مَا تَدْعُوهُمْ إِلَيْهِ ۚ ٱللَّهُ يَجْتَبِىٓ إِلَيْهِ مَن يَشَآءُ
وَيَهْدِىٓ إِلَيْهِ مَن يُنِيبُ ﴿١٣﴾

Киналго аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ жиндалъун ритIараб дин буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бац1цIад гьаби. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ амроги гьабун буго гьеб дин цIуне абун ва гьелда жаниб мекъаб, батIулаб, бидгIияб жо лъугьине тоге абунги. **Гьел мушриказда цIакъ захIматлъун бихьун буго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дуца гьел жинда ахIулеб дин.** Жидер алагьзабиги реххун тун цо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабизе бокьулеб гьечIо гьезие. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие вакьарав чи вачуна жив разияб диналде ва гьеб диналда жинца тIовитIула жинца иманги лъун, тавбоги гьабун исламалда вачIарав чи.** Гьесие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квер бакъи гьабула гьеб исламияб диналда витIун чIезе.

**14. Гьел гIадамал жидер диналъулъ рикьаричIо жидехъ аваргзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рачIун гьез баянал хIужабиги рихьизе гьарун хадур гурони. Гьел рикьариялъе сабабги букIана цоцадехун бугеб хIалхъублъи ва тушманлъи.**

وَمَا تَفَرَّقُوٓا۟ إِلَّا مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ ٱلْعِلْمُ بَغْيًۢا
بَيْنَهُمْ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ إِلَىٰٓ
أَجَلٍ مُّسَمًّى لَّقُضِىَ بَيْنَهُمْ ۚ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ أُورِثُوا۟
ٱلْكِتَٰبَ مِنۢ بَعْدِهِمْ لَفِى شَكٍّ مِّنْهُ
مُرِيبٍ ﴿١٤﴾

Жидехъе расул вачIараб мехалъ цо гIадамаз гьесда иман лъуна ва гьев ритIухъ гьавуна. Цогидал гьесда инкар ккун чIана. Гьесда инкар кквеялъе сабаб букIана гьев расуласдехун хIал хъублъи ва тушманлъи гьаби. Жидер ханлъи, кIодолъи тIаса ине бокьичIого, яги гьев расул жидедаса гIодогIанлъун вихьун гьесда нахърилълъине чIухIун. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цебего гьабураб къотIи букIинчIеб ани хIисаб-мизан ва жазаъ ахираталда гьабизе буго абун гьел гIадамазе дунялалдаго гIакъуба-гIазаб гьабилаан. Гьеб Китабияб агьлуялъул хадусел умматалги, жидеца гьеб тIехьалда гIамал гьаби умумуздаса ирсалъе босун бугониги, жидер диналъулъ цIакъ щакдарулел руго.** Жидеца тIобараб иманги лъолеб

гьечIо, жидеда гьеб тIехьалъул хIакъикъатги лъалеб гьечIо: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рештIине гьабураб хIалалъищ гьеб бугеб, яги хис-бас гьабунищ бугеб.

Гьаб ахирияб рагIиялъе цоги магIна гьабуна: «Китабиялллъун ругел ягьудиял ва насраниял МухIаммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ ва Къуръаналъул амруялъулъ щакдарулел руго»-абун. Гьесда нахърилълъине мутIигIлъулел гьечIо жидер тIехьалда бицен гьабурав хIакъав авараг гьев вукIин лъалеб бугониги. Жидеца абулеб буго: «Гьев гIарабияв вуго, нижер тIехьалъ бицен гьабурав авараг Баунисраилазул вукIине ккола»-абун.

فَلِذَٰلِكَ فَٱدۡعُۖ وَٱسۡتَقِمۡ كَمَآ أُمِرۡتَۖ وَلَا
تَتَّبِعۡ أَهۡوَآءَهُمۡۖ وَقُلۡ ءَامَنتُ بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ
مِن كِتَٰبٖۖ وَأُمِرۡتُ لِأَعۡدِلَ بَيۡنَكُمُۖ ٱللَّهُ رَبُّنَا
وَرَبُّكُمۡۖ لَنَآ أَعۡمَٰلُنَا وَلَكُمۡ أَعۡمَٰلُكُمۡۖ لَا
حُجَّةَ بَيۡنَنَا وَبَيۡنَكُمُۖ ٱللَّهُ يَجۡمَعُ
بَيۡنَنَاۖ وَإِلَيۡهِ ٱلۡمَصِيرُ ١٥

**15. Дудаса церехун ругел умматал жидер диналъул амруялъулъ хилиплъун ругелъул дуца гьел киналго ахIе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, жиб битIараб, бацIцIадаб исламияб диналда. Гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ахIиялъулъ мун витIунги чIа дуда амро гьабураб хIалалъ, мун нахъ вилълъунге гьел гIадамазе бокьараб жоялда.**

Мушриказда гIенеккун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда халкъ ахIи тоге, гьезул хъанчазде гIайиб чIвайги, гьезул ширк батIулаб букIин бицинги тоге!

**Дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ : «Дица иман лъун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рештIине гьарурал киналго тIахьазда** ва гьел жидехъе кьурал расулаздаги. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида амро гьабун буго дица хIукму битIун гьабе абун дида аскIор хIукму гьабизе рачIарал гIадамазе, гьел щиб диналда ругониги.** Насраниязул ва ягьудиязул динал руго цояз цоязда инкар кколел. Исламияб дин буго киналго аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва киналго тIахьазда иман лъолеб, гьел ритIухъ гьарулеб.

**Цогиги дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ : «ТIадегIанав Аллагь вуго нужерги нижерги бетIергьан. Нижеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нижее гьабизе буго, нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нужее гьабизе буго. Нужедаги нижедаги гьоркьоб нилъеца чIезе гьабизе ккараб хIужжа-далилги гьечIо.** ХIакъабги бутIулабги жо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ батIа гьабун буго ва гьеб загьираб ва жиб баянабги буго. Нужеца гьелда инкар ккуна абун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму къадарги хисуларо. **Нилъ киналго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ данде гьаризе руго ва нилъер ахирияб руссулеб бакIги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукмуялда буго»-абун.**

Гьаб аяталъул хIасил буго: хIакъаб жо загьирлъун хадуб гьелда инкар

ккун чӀарал гӀадамазе хӀужжа-далил бачиналдаса щибго мунпагӀат букӀунаро, гьездехун гьабулеб дагӀба-къецги щибго хайир гьечӀеб, заман гӀадада хвезе гьаби ва напсги, хӀалги свакazaби букӀуна. Гьаб хӀалалда ккараб мехалъ муъминзабазе лъикӀаб буго кинабго амро Аллагьасда ﷻ тӀамун тей, гьесда таваккал тӀамун, гьесда дугӀа ва хӀели гьабун рукӀин.

Гьаб аяталъ бицен гьабулеб заман буго жакъа нилъеда бихьулеб заманги. Кинабго батӀулаб жо бергьун буго, гьелъие квер бакъи гьабулел гӀадамалги гӀемерлъун руго. ХӀакъаб диналда жидеца ахӀулел, Аллагьасул ﷻ диналъе квер бакъи гьабизе бокьарал ва гьеб дин гьаб ракьалда букӀине гьабиялъе ургъулел муъминзаби ракьалда тӀаса тӀагӀине гьаризе къасд гьабулеб буго. Кинабго къварилъи ва квешлъи гьезул балагьлъун рикӀкӀунеб буго. Аллагьас ﷻ жидеда ццим бахъун тӀаде риччарал гӀазабалги муъминзабазул гӀайиблъун толеб буго.

Ва амма нужеда лъае я гьал муъминзаби: «ХӀакъаб жоялда чӀарал гӀадамал кинабго заманаялъ дагьал рукӀана, гьезул тушбабиги гӀемерал рукӀана. ТӀадегӀанав Аллагьас ритӀарал аварагзабазеги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гӀемераб къварилъи ва гӀазаб гьабуна. Гьезда: гьерсихъаби руго нуж, сихӀрочагӀи руго абуна. Нуж сабаблъун нижее баракат гьечӀолъи щолеб бугин нуж нижеца чӀвазе ругинги абуна. Гьел аварагзабаца عَلَيْهِمُ السَّلَامُ жидеда тӀад къараб рисалат умматалъухъе щвезе гьабуна, жидеде бачӀараб къварилъиялда саброги гьабуна.

Гьедин бачӀун буго нилъехъе гьаб исламияб дин ва Аллагьас ﷻ нилъ хира гьарун ва кӀодо гьарун руго гьаб диналда жиндир цӀобалдалъун нилъ рачун. Гьаб Аллагьас ﷻ нилъее гьабураб кӀудияб цӀоб рахӀматалда данде нилъеца гьабизе кколеб щукру буго гьаб хӀакъаб дин цӀунулеллъун ва гьеб цебехун бачунеллъун нилъ рукӀин. Гьеб бигьаяб амро гьечӀо. Гьеб нух буго Аллагьас ﷻ цӀакъго хира гьарурал, жинца тӀаса рищарал муъминзабазе гурони жиб бигьалъулареб.

Гьел муъминзабазе кинабгӀаги захӀмалъи букӀунаро Аллагьасул ﷻ диналъе гӀоло рухӀ кьезеги, гӀакъуба къварилъи хӀехьезеги. Гьел муъминзабазда жидеда щвараб къварилъи бихьула Аллагьасул ﷻ рахъалъан жидее бугеб рахӀматлъун. Гьезда якъинго Аллагь ﷻ лъала ва гьев Аллагь ﷻ разилъи гуреб кинабго жо жиб батӀулаб ва гӀададисеб букӀинги лъала.

Вехьас бачун унеб гӀиял рехъенгӀадин ахӀмакъго, бецццго хьвадизе бегьуларо гӀакъилал гӀадамал. Инсанас пикру гьабизе ккела жив лъица вижун вугев, лъица хьихьун вугев ва щиб жоялъе жив вижун вугев абун. Инсанас гӀибадат гьабиялдалъун яги гьабичӀого теялдалъун Аллагьасе

ﷻ бугеб щибго асар гьечIо. Гьеб гIибадат гьабиялдалъун инсан абадияб ахираталда алжаналъул агьлолъун лъугьуна. ГIибадат гьабизе чухIарав чиги абадияб гIазабалъул рукълъун бугеб жужахIалъуве лъугьине гьавула.

Инсанасда ракIалде ккезе бегьуларо, дица иман лъуна абураб рагIиялдалъун жив алжаналда ине вугин абун. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго жиндие рокьарал муъминзабазул хIал бихьи гьабулеб гьезда тIад батIи-батIиял къварилъаби риччан. Гьелдалъун жегиги гьезул даража-макъам тIадегIанлъизе ва жиндир цогидал лагъзадерида цере гьел тIокI гьарун гьездалъун жиндир алжанал берцин гьаризе. Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло цохIо рагIиги абичIого, цохIо х1ет1е-квералда заз къараб гIадаб къварилъи жидедаги щвечIого рехъалъе чахъаби гIадин хьвадулел гIадамалги, Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло гIумру кьезе хIадурал гIадамалги цоцаде ращад рукIунаро.

Аллагь ﷻ разилъи бокьарав чияс гьев разилъулеб гIамал гьабизе ккола. Аллагь ﷻ разилъулеб гIамалалъул бищунго тIадегIанаб буго Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жинца боцIиги, рухIги кьей, гьаб амру бичIчIа нужеда я гьал бусурбаби! Нужее бокьун батани Аллагь ﷻ разилъиги, абадияб алжанги, нужеца лъазе гьабе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ва гьесул хириял асхIабзабаца хьвадизе гьабураб нух. Гьеб нухалъ хьвадизе Аллагьас ﷻ нилъее тавпикъ гьабеги.

وَٱلَّذِينَ يُحَآجُّونَ فِي ٱللَّهِ مِنۢ بَعۡدِ مَا ٱسۡتُجِيبَ لَهُۥ حُجَّتُهُمۡ دَاحِضَةٌ عِندَ رَبِّهِمۡ وَعَلَيۡهِمۡ غَضَبٞ وَلَهُمۡ عَذَابٞ شَدِيدٌ ﴿١٦﴾

**16. Жидеца Аллагьасул ﷻ диналдаса гIадамал нахъе чIвалел, гьеб дин цо гIадамаз босун бугеб мехалъ гьеб дин гьересиги гьабулел, гьал г1адамазул гIамал гIадада хвараб букIуна ва гьезул хIужжаги Аллагьасда ﷻ аскIоб батIулаб букIуна. Гьезда Аллагьасул ﷻ ццим бахъи щола, ахираталда гьезие гучаб гIазабги букIуна.** Гьаб аят рештIине гьабуна Бануисраилазул цо къукъаялъ исламияб диналдаса гIадамал нахъе чIвазе къасд гьабураб мехалъ.

ٱللَّهُ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ ٱلۡكِتَٰبَ بِٱلۡحَقِّ وَٱلۡمِيزَانَۗ وَمَا يُدۡرِيكَ لَعَلَّ ٱلسَّاعَةَ قَرِيبٞ ﴿١٧﴾

**17. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца гьаб Къуръан рештIине гьабурав хIакъаб диналдалъун.**
**Жинца битIараб гIадло ва рацIцIалъиги рештIине гьабурав. Дуда лъаларо я гьав инсан, къиямасеб къо цIакъ гIагарлъун батизеги бегьула.** Гьелъие хIадурун вукIа, гьеб

къоялъул гIазабалдаса хIинкъун вукIа!

يَسْتَعْجِلُ بِهَا ٱلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِهَا ۖ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مُشْفِقُونَ مِنْهَا وَيَعْلَمُونَ أَنَّهَا ٱلْحَقُّ ۗ أَلَآ إِنَّ ٱلَّذِينَ يُمَارُونَ فِى ٱلسَّاعَةِ لَفِى ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ﴿١٨﴾

**18. Гьеб къиямасеб къо хехго бачIин тIалаб гьабула гьелда иман лъоларел капурзабаца.** Гьез абула: «Кида гьеб букIине бугеб?»-абун. «Хехго бачун вачIа мун гьеб гIазаб»-ян абула. **Жидеца иман лъурал гIадамал гьеб къиямасеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун рукIуна ва гьезда лъала гьеб къиямасеб къо ва гьениб бугеб гIазаб, хIакъаб амро букIин.**

**Мун кантIе, я гьав инсан! ХIакълъунго къиямасеб къоялда божичIого гьелъул хIакъалъулъ дагIба-къец гьабулел гIадамал цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ ругел руго.**

ٱللَّهُ لَطِيفٌۢ بِعِبَادِهِۦ يَرْزُقُ مَن يَشَآءُ ۖ وَهُوَ ٱلْقَوِىُّ ٱلْعَزِيزُ ﴿١٩﴾

**19. ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерие лъикIлъи гьабулев, жиндие гьел рокьулев ва гьезда жив гурхIулев вуго.**

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарав чиясе гIатIидаб, гIемераб ризкъиги кьола. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жив гучав, жиндие бокьарб жо бокьухъин гьабизе кIолев. Жив кинабго жоялдаса бергьуневги вуго.**

مَن كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ ٱلْـَٔاخِرَةِ نَزِدْ لَهُۥ فِى حَرْثِهِۦ ۖ وَمَن كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ ٱلدُّنْيَا نُؤْتِهِۦ مِنْهَا وَمَا لَهُۥ فِى ٱلْـَٔاخِرَةِ مِن نَّصِيبٍ ﴿٢٠﴾

**20. Жинца ахираталъун лъикIлъи бокьун гIамал гьабулев чиясе Дица ахираталъул лъикIлъи цIикIкIине гьабила,** дунялалда гьесие тавпикъги гьабила лъикIаб гIамал гьабизе.

**Жиндие дунялалъул боцIи бокьарав чиясе Дица гьебги кьола. Амма гьесие ахираталда щибго лъикIлъи букIунаро.** Гьесие цохIого дунял бокьун букIиналъ жив ахиараталда щвараб мехалъ цIакъ мискинав, хъаркIасав чилъун ватула жиндир щибго лъикIаб гIамал гьечIев.

أَمْ لَهُمْ شُرَكَـٰٓؤُا۟ شَرَعُوا۟ لَهُم مِّنَ ٱلدِّينِ مَا لَمْ يَأْذَنۢ بِهِ ٱللَّهُ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةُ ٱلْفَصْلِ لَقُضِىَ بَيْنَهُمْ ۗ وَإِنَّ ٱلظَّـٰلِمِينَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٢١﴾

**21. Гьел мушриказе жидеца дин лъолел, гIахьал чагIийиш ругел? Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лъечIеб ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда рази гьечIеб шаргI лъолел алагьзабийищ ругел гьел мушриказул?** ГьечIо гьезие шаргI лъолев чи цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурони. **БетIергьан Аллагьасул**

**хIукму букIинчIебани: жазаъ ахираталда гьабила абураб; гьел мешриказе дуналалдаго гIазаб гьабизе букIана.**

**ХIакълъунго жидеца купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабулел гIадамазе ахираталда гучаб жинца унтизабулеб гIазаб букIине буго.**

تَرَى ٱلظَّٰلِمِينَ مُشْفِقِينَ مِمَّا كَسَبُوا۟ وَهُوَ وَاقِعٌۢ بِهِمْ ۗ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فِى رَوْضَاتِ ٱلْجَنَّاتِ ۖ لَهُم مَّا يَشَآءُونَ عِندَ رَبِّهِمْ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَضْلُ ٱلْكَبِيرُ ﴿٢٢﴾

**22. Дуда капурзаби рихьизе руго, я гьав инсан, ахиратада жал цIакъ хIинкъаралльун, дунялалда жидеца гьабураб гIамал сабаблъун ва амма гьеб гIазаб гьезие гьабизе букIин хIакъаб амро буго. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзаби алжаназул ахазукь рахIаталда, лазаталда рукIине руго.**

**Гьезие Аллагьасда ﷻ аскIоб жидее бокьанщинал нигIматалги руго. Гьаб буго цIакъ кIудияб цIоб рахIмо ва лъикIлъиялда кверщел бати.**

ذَٰلِكَ ٱلَّذِى يُبَشِّرُ ٱللَّهُ عِبَادَهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ ۗ قُل لَّآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا إِلَّا ٱلْمَوَدَّةَ فِى ٱلْقُرْبَىٰ ۗ وَمَن يَقْتَرِفْ حَسَنَةً نَّزِدْ لَهُۥ فِيهَا حُسْنًا ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ شَكُورٌ ﴿٢٣﴾

**23. Гьал алжаналъул абадиял нигIматал руго ТIадегIанав Аллагьас жинда иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе къотIи гьабурал. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: «Дица нужедасан ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо Аллагьасул ﷻ рисалат нужехъе щвезе гьабунин абун.**

**Дица гьарулеб буго гьаб рисалат щвезабизе дие ква-квал гьабуге абун нилъеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул хIакъ цIунунгIаги»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас ﷻ амро гьабулеб буго дуца гьел Къурайшиязда абе абун: «Нилъеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул хIакъ цIунун гIаги нужеца дун Аллагьасул ﷻ рисалат тIубазе те, дие нужеца квер бакъи гьабулеб гьечIони квал-квалгIаги гьабуге абун. Гьаб буго исаламалъул байбихьараб заман. Хадуб гьел Къурайшаца аварагасул ﷺ дагIват тIибитIулеб бихьидал ва гьесда хадур гIадамалги лъугьиндал цIакъго гьесие къварилъи гьабизе бай бихьана.

Цинги Аллагьас ﷻ гьел Къурайшиязе хIинкъи кьолел аятал рештIине гьаруна. Гьаб «гIагарлъиялъул хIакъ цIуне»-абураб рагIиялъе цоги магIна гьабуна гIалимзабаца: Нужеца дир гIагарлъиялъул адаб

хIурмат гьабе, гьезие лъикIлъи гьабе ва гьезда нахърилълъа абун. Гьеб магIна гьабиялъе сабабги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб сахIихIаб хIадис: *«Дица нужее толеб буго кIиго кIудияб амро: Аллагьасул ﷻ калам Къуръан ва дие хирияб дир агьлоги. Гьеб кIиябго цоцадаса батIалъизе гьечIо къиямасеб къоялъ дица шафагIат гьабулеб хIавзалда гьелги дунги данделъизегIан»*-абун. Хирияв аварагасул ﷺ агьло бокьи авараг ﷺ вокьи букIуна, гьесул агьлоялда ццим бахъи аварагасда ﷺ ццим бахъи букIуна. **Жинца лъикIаб гIамал гьабурав чиясе Дица ажро цIикIкIине гьабун кьела. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца муъминзабазул мунагьал чурулев вуго, жиндие тIагIат гIибадат гьабурал гIадамазе ажро-кири цIикIкIине гьабун жинца щукру гьабулевги вуго.**

أَمۡ يَقُولُونَ ٱفۡتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبٗاۖ فَإِن يَشَإِ ٱللَّهُ يَخۡتِمۡ عَلَىٰ قَلۡبِكَۗ وَيَمۡحُ ٱللَّهُ ٱلۡبَٰطِلَ وَيُحِقُّ ٱلۡحَقَّ بِكَلِمَٰتِهِۦٓۚ إِنَّهُۥ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿٢٤﴾

**24. Гьел мушрикаца абулеб буго: «МухIаммадица ﷺ жинцаго ургъун къуръан цIалулеб бугин ва Аллагьасда ﷻ гIунтIизе гьабун гьересиги бицунеб буго»-абун.** Гьел мушрикал руго жидеца гьереси бицунел гIадамал.

**Мун вукIаравани МухIаммад ﷺ, дуца гьереси бицунев Аллагьас ﷻ дур ракIалда тIад мугьруги чIван мун щибго жо бицине кIоларев гьавилаан. Аллагь ﷻ вуго жинца батIулаб жо хвезабулев, гьеб тIаса ине гьабулев.** Гьедин тIаса ине гьабула мушриказул гьереси. **Аллагьас ﷻ хIакъаб жо чIезеги гьабула жиндир Къуръаналдалъун.** Гьедин дуца цIалулеб Къуръан жиб лъидаго хвезабизе кIолареб буго. **ХIакълъунго Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда лъалев гIадамазул ракIазда бугеб жоги.** Мушриказул рекIелъ бугеб купру-ширк Аллагьасда ﷻ лъала ва гьезие жидер гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

وَهُوَ ٱلَّذِي يَقۡبَلُ ٱلتَّوۡبَةَ عَنۡ عِبَادِهِۦ وَيَعۡفُواْ عَنِ ٱلسَّيِّـَٔاتِ وَيَعۡلَمُ مَا تَفۡعَلُونَ ﴿٢٥﴾

**25. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца лагъзадерил тавбо къабул гьабулев. Жинца гьезул квешал гIамалал тIаса лъугьун толев. Гьев Аллагьасда ﷻ лъала нужеца гьабулеб кинабго гIамалги.**

وَيَسۡتَجِيبُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَيَزِيدُهُم مِّن فَضۡلِهِۦۚ وَٱلۡكَٰفِرُونَ لَهُمۡ عَذَابٞ شَدِيدٞ ﴿٢٦﴾

**26. Аллагьас ﷻ жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабазул дугIаялъе жавабги гьабула, гьез гьараралда тIадеги цIикIкIине гьабун лъикIлъи кьола**

**жиндирго цIобрахIматалдалъун.**
**Жидеца Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги инкар ккурал гIадамазе жинца унтизе гьабулеб гучаб гIазаб букIине буго.**

۞وَلَوْ بَسَطَ ٱللَّهُ ٱلرِّزْقَ لِعِبَادِهِۦ لَبَغَوْا۟ فِى
ٱلْأَرْضِ وَلَـٰكِن يُنَزِّلُ بِقَدَرٍ مَّا يَشَآءُ ۚ إِنَّهُۥ
بِعِبَادِهِۦ خَبِيرٌۢ بَصِيرٌ ﴿٢٧﴾

**27. Аллагьас ﷻ жиндир киналго лагъзадерие ризкъи гIатIидго, тIибитIун кьолеб букIараб ани гьел гIадамаз ракьалда пасалъи ва зулму гьабизе букIана. Киниги Аллагьас ﷻ жиндир ризкъи рештIине гьабула жиндие бокьухьин.**
**Х1акълъунго Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда лагъзадерил хIал лъалев. Гьезул загьиралги балъгоялги гIамалал жинда лъалев ва рихьулев вуго Т1адег1анав Аллагь.**

وَهُوَ ٱلَّذِى يُنَزِّلُ ٱلْغَيْثَ مِنۢ بَعْدِ مَا قَنَطُوا۟ وَيَنشُرُ
رَحْمَتَهُۥ ۚ وَهُوَ ٱلْوَلِىُّ ٱلْحَمِيدُ ﴿٢٨﴾

**28. Гьев БетIергьан Аллагь вуго жинца гIадамазул хьул къотIун хадуб гьезие рахIматалъул цIад рештIине гьабулев ва гьелдалъун жиндир рахIматги ракьалда тIибитIизе гьабулев.**
**Гьев Аллагь ﷻ вуго лагъзадерил киналго хIалазул жинца тадбир гьабулев гьезул Вали. Жив веццаравги вуго жиндир нигIматаздалъун ва цIоб рахIматалдалъун.**

وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦ خَلْقُ ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَثَّ
فِيهِمَا مِن دَآبَّةٍ ۚ وَهُوَ عَلَىٰ جَمْعِهِمْ إِذَا يَشَآءُ قَدِيرٌ ﴿٢٩﴾

**29. ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатаздаса буго Аллагьас ﷻ зобал ракьал рижи, гьел зобал ракьалда жаниб тIибитIараб рухIчIаголъи бижиги.**
**Гьев Аллагь ﷻ гьеб кинабго рухI бугеб жо жиндие бокьараб мехалъ данде гьабизе кIолевги вуго.** Гьедин бугелъул къиямасеб къоялъ хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе гIадамал тIаде рахъине гьари Аллагьасе ﷻ цIакъ бигьаяб иш буго.

Гьаб аяталда бицараб жоялдаса далил бачун цо гIалимзабаца абуна гьаб ракьалда тIад гуребги цогиги планетабазда чIаголъи букIине бегьулин абун. ГIелмияб цIех-рехалдалъун Марс абулеб планетаялда чIаголъи бкIине бегьула абун абуна дунялалъул гIелмуялъул гIалимзабаца. Ва амма цогидал планетазда инсан вати цIакъго щакаб жо буго. Аллагьас ﷻ гьев инсан гьаб дунялалда вижарав, гьенив холев, ахирги гьаб ракьалдалдаса чIаго гьавун ахираталдаги гьаб ракьалда тIад

вукІунеблъи бицун буго. (суратул АгІраф 25 аб. аят).

وَمَآ أَصَٰبَكُم مِّن مُّصِيبَةٍ فَبِمَا كَسَبَتْ أَيْدِيكُمْ
وَيَعْفُوا۟ عَن كَثِيرٍ ﴿٣٠﴾

**30. Дунялалъул рукъоб нужеда щолеб цо-цо къварилъи буго нужерго гІамалал сабаблъун бугеб. ГІемерисеб нужер мунагь Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тІаса лъугьунги тола.**

Щивав инсан жиндир мунагь лъугьанщинахъе гьелда данде жазаъ гьабулевлъун вукІаравани гьаб ракьалда тІад чІагояв чиго хутІилароан. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхІулев вукІун гьес мунагьазде данде гІакъуба хех гьабуларо; тавбо гьабизе, лъикІаб гІамал гьабизе рес кьола жиндир лагъзадерие.

وَمَآ أَنتُم بِمُعْجِزِينَ فِى ٱلْأَرْضِ ۖ وَمَا لَكُم
مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِن وَلِىٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿٣١﴾

**31. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ рорчІулел, гьесул гІазабалдаса лъутулел гьечІо гьаб ракьалда тІед ругеб мехалъ кир нуж ругониги. Нужее гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги вали ва жинца квер бакъи гьабулев чиги гьечІо.**

Дунялалъул рукъор муъминзабазда щолеб унта-щокълъи ва цогидаб къварилъи букІуна гьезул мунагьал чуриялъе сабаблъун, аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ щолеб къварилъи букІула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул даража-макъам тІадегІан гьабиялъе сабаблъун капурзабазда щолеб къварилъи букІуна гьезие дунялалда гІазаб гьабилъун.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِ ٱلْجَوَارِ فِى ٱلْبَحْرِ كَٱلْأَعْلَٰمِ ﴿٣٢﴾

**32. ТІадегІанав Аллагьасул гІаламатаздаса руго ралъдада тІад хьвадулел мугІрул гІадал кІудиял гуми.**

إِن يَشَأْ يُسْكِنِ ٱلرِّيحَ فَيَظْلَلْنَ رَوَاكِدَ عَلَىٰ
ظَهْرِهِۦٓ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ﴿٣٣﴾

**33. Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани жинца гьури чІезе гьабила, цинги нужер гуми гьеб ралъадалда тІад чІун хутІила.**

Доб мехалъ гуми гьуриялъул кумекалдалъун хьвадулел рукІиналъ бачараб мисал буго гьаб. Ралъадалда тІад гуми хьвади, гьез гІемерал гІадамалги, бакІаб къайиги баччи пикру гьабулел чІагІазе гІураб вагІза ва гІаламат букІана. Жакъа цІакъго кІудиял гІаламатал загьираб мехалъ гьеб мисал гьитІинаб жолъун кколеб буго. **Х1акълъунго гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хІалкІолъиялда тІоритІел гьабулел гІаламатал руго жидеца балагьазда г1емер сабро гьабулел ва нигІматазда г1емер щукру гьабулел муъминзабазе.**

أَوْ يُوبِقْهُنَّ بِمَا كَسَبُوا۟ وَيَعْفُ عَن كَثِيرٍ ﴿٣٤﴾

**34. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьани гучаб гьуриги бахъун гьеб гама ралъдалъе**

**гьанкъизе гьабизеги бегьула гьеб гамида тIад ругел гIадамазул мунагьал ва гIасилъаби сабаблъун.**

**Амма Аллагьас ﷻ гIемерал мунагьал тIаса лъугьун тола ва гьел гIадамал ралъдалъ гьанкъиялдаса хвасар гьарула.**

وَيَعۡلَمَ ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِيٓ ءَايَٰتِنَا مَا لَهُم مِّن
مَّحِيصٖ ٣٥

**35. Ралъад багъаризе гьабун гама гъанкъиялда гIагар гьабула Аллагьас ﷻ гьев Аллагьасул ﷻ Къуръаналда инкар кколел гIадамазда лъазе жидее Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса рорчIизе бакI гьечIеблъи.**

Цинги жидеца Аллагь ﷻ цо гьавун цохIо гьесда ахIиги базе жал хвасар гьаре абун.

فَمَآ أُوتِيتُم مِّن شَيۡءٖ فَمَتَٰعُ ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۖ وَمَا عِندَ
ٱللَّهِ خَيۡرٞ وَأَبۡقَىٰ لِلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَلَىٰ رَبِّهِمۡ
يَتَوَكَّلُونَ ٣٦

**36. Гьаб дунялалда нужее кьураб боцIи-мал ва цогидаб нигIмат гьеб буго дунялалъул рукъоб букIунеб чIаголъи, жиб хехго тIаса унеб.**

**ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб бугеб ажро кири ва гьев разилъи жиб даимго нахъе хутIулеб кIудияб лъикIлъи буго. Гьеб лъиклъи буго жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун гьесул расуласда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел муъминзабазе, жидер киналго ишазулъ жидеца Аллагьасда ﷻ таваккалги тIамулел.**

وَٱلَّذِينَ يَجۡتَنِبُونَ كَبَٰٓئِرَ ٱلۡإِثۡمِ وَٱلۡفَوَٰحِشَ
وَإِذَا مَا غَضِبُواْ هُمۡ يَغۡفِرُونَ ٣٧

**37. Гьел муъминзабиги руго жал кIудиял мунагьаздаса рикIкIалъун рукIунел, къабихIал гIамалалги жидеца гьаруларел. Жидер ццим бахъараб мехалъ жидеда Аллагь ﷻ ракIалда щолел ва жидеца гьеб ццим къулчIун жал тIаса лъугьунел.**

وَٱلَّذِينَ ٱسۡتَجَابُواْ لِرَبِّهِمۡ وَأَقَامُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَأَمۡرُهُمۡ
شُورَىٰ بَيۡنَهُمۡ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٣٨

**38. Гьел руго жидеца Аллагьасул ﷻ ахIиялъе жаваб гьабурал гIадамал. Жинца дин босун витIарав расул ритIухъ гьавун гьесда мутIигIлъарал. Жидеца паризаяб какги камилго ва Аллагьасе ﷻ хIелун балел. Жидер кIвар бугеб амруги цоцаде ургъун, данде бан гьабулел. Аллагьас ﷻ жидее кьураб хIалалаб боцIиялдаса паризаяб закат ва суннатаб садакъаги кьолел.**

وَٱلَّذِينَ إِذَآ أَصَابَهُمُ ٱلۡبَغۡيُ هُمۡ يَنتَصِرُونَ ٣٩

**39. Жидеда данде рахъун пасикъал, динукъал гIадамаз жидее гIодогIанлъи гьабизе къасд гьабураб мехалъ гьезда данде чIолел ва гьел къезе**

**гьарун гьезда тIад жидеца бергьенлъи босулел.**

**40. Бусурбабазе цо квешлъи гьабураб мехалъ гьелда данде гьабулеб жазаъги гьеб квешлъиялда релълъараб букIуна.**

وَجَزَٰٓؤُاْ سَيِّئَةٖ سَيِّئَةٞ مِّثۡلُهَاۖ فَمَنۡ عَفَا وَأَصۡلَحَ فَأَجۡرُهُۥ عَلَى ٱللَّهِۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلظَّٰلِمِينَ ٤٠

Гьаб буго бусурбабада гьоркьоб бугеб хабар. Бусурбабиги гьезул диналъул тущбабиги цоцаде рагъулеб мехалъ хIал кIварас хIал кIвараб жо гьабизе тIадаб букIуна Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло. **Жиндие гьабураб квешлъи тIаса лъугьун тани жинца гьев чиясулго рекъел маслахIтги гьабуни гьесие кьолеб ажро Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ тIад буго.** Гьебги цIакъ кIудияб ажро ва кири букIуна. **Х1акълъунго Гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рокьуларо жидеца зулму гьабулел гIадамал.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъула жидеца зулму гьабизе бай бихьараздаги, гьеб зулмуялда данде жаваб гьабулаго гьелдасанги цIикIараб зулму гьабулездаги.

**41. Жиндие зулму гьабун хадуб гьелда данде рецIел босарав чиясе щибго мунагь гьечIо ва гьезие гIакъубаги гьабуларо.**

وَلَمَنِ ٱنتَصَرَ بَعۡدَ ظُلۡمِهِۦ فَأُوْلَٰٓئِكَ مَا عَلَيۡهِم مِّن سَبِيلٍ ٤١

ТIадегIанав Аллагьас гьаб анлъго аяталда жаниб (36-41 аятал) муъминзабазул сипатал рицана жидеца иман лъун хадуб гьез хьвадизе гьаризе мустахIикъал. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ таваккал тIами буго гьел сипатазул кIвар бугеб сипат. Инсанасул иман камиллъараб мехалъ гьесул таваккалги камилаб букIуна. Хадусеб сипат буго мунагьаздаса рикIкIадаллъун рукIин. Гьаб сипатги иман камиллъун гурони инсанасул тIабигIатлъун букIунаро. Иман загIипаб букIиналъул гIаламат буго мунагьазул кIвар гьабун гутIи, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхIулев вуго абун, дица тавбо гьабила абун инсан хьвади. Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарав чи гьесда гIасилъизе хIинкъула, гьев кидаго гьесда данде чIваялъе хIадурун вукIуна.

Цоги бицун буго гьел муъминзаби рукIин жидер ццим бахъараб мехалъ жидеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло ццим къулчIулел, гьеб бахчулел ва жидее къварилъи гьабураздаса тIаса лъугьунел. Гьаб сипат буго цIакъго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIаса рищарал, жидее дунял ахираталъул бахьи буголъи кьурал гIадамазе гурони жиб щолареб. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вукIана жиндие гьеб сипат кьурав. Жиндие къварилъи гьабураздаса гьев тIаса лъугьиналъул мисалал машгьурал руго. Гьесда нахърилълъун гьаб сипат тIабигIатлъун кквезе яхI бахьи буго муъминчиясе бахьи буголъи щолеб гIамал.

Хадуб абулеб буго: «Жидеца Аллагьасе ﷻ жаваб гьабурал»-абун. Гьелъул магIна буго жидер кинабго амруялъулъ жал Аллагьасдаги ﷻ, гьесул расуласдаги нахърилълъарал рукIин. Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, гьесул расуласул нух ккун хьвадулел рукIинги. Жидер гьава-напсалда, щайтIаналда нахърилълъунгутIи. Аллагьасе ﷻ жаваб кьурав чилъун вукIине бокьарав чиясда тIадаб буго хирияб Къуръаналда ва гьеб Къуръан жинда рештIине гьабурав аварагасда ﷺ мутIигIлъи, жиндир кинабго гIамал гьелда боцин.

Аллагьасе ﷻ ва аварагасе мутIигIлъиялъул гIаламат буго щибаб къойилго щуго нухалъ балеб паризаяб как жиндир гIужда бай, гьеб жамагIатгун цадахъ бай ва гьеб как Аллагьасе ﷻ хIелун, жиндир рукугI сужда камил гьабун, жиндир пикру-тадбир гьабун бай. Гьеб как балеб гIужалъги инсанас пикру гьабизе ккела жив Аллагьасда ﷻ цеве вахъун чIун, гьесдехун хитIаб гьабулев вукIиналъул. Инсан кидаго Аллагьасда ﷻ цеве эхетун чIарав вуго, гьесул кинабго хIал Аллагьасда ﷻ лъалеб, бихьулеб буго, амма инсанасда гьаб амро кIочон букIуна. Жинца как балеб гIужалъгIаги гьаб амро ракIалда чIезе гьабуни Иншааллагьу гьев лагъ Аллагь ﷻ ракIалда чIолев, гьесул пикру гьабулев лъугьина.

Хадусеб муъминзабазул сипат буго: «Жидер амру жидеда гьоркьоб гIахьалаб, данде бараб букIунел»-абураб. Гьаб буго исламияб диналъул машгьураб ва кIудияб къагIида. Гьалъул магIна гьечIо муъминзабазул гIакъло шаргIалда хилипаб жо гьабизе рекъаниги жидеца гьеб гьабула абураб. Муъминзабазул гIакъло кидаго рекъоларо шаргIалда хилапаб жо гьабиялда. Гьеб рекъон гутIиялъе бугеб аслияб гIилла буго Аллагьас ﷻ жиндир дин цIунулеб букIин ва жиндир диналъул хIукму хвезе гьабизе жиндир лагъзадерил гIакъло рекъезе толареб букIин.

«Щура» абураб рагIиялъул магIна буго: динияб бугониги, дунялияб бугониги амро ургъун, гIелму бугел, гIакъло бугел гIадамазде данде бан гьаби, гьеб амро Аллагь ﷻ разияб хIалалда ккеялъул мурадалда ва муъминзабазе маслахIат бугеб хIалалда ккеялъул мурадалдаги. Цогиги щураялъул магIна буго муъминзабазул хIал рекъезе гьаби, гьездехун мушавара гьабун хьвади. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасги мушавара гьабулеб букIана жиндир асхIабзабигун, жив гьеб мушавараялда хIажатав гьечIониги. Аллагь ﷻ вукIана гьесда кинабго амро жинца вахIю гьабулев ва гьев битIараб нухалда тIовитIулев. Аварагас ﷺ мушавара гьабураб мехалъ асхIабзабазда лъалеб букIана гьесда тIаде цо амру бачIун букIин ва гьеб амро жидеда бицун жалги гьелъулъ гIахьал гьарулел рукIин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хун хадуб хириял асхIабзабаца цIакъго тIад чIей гьабулеб букIана гьеб Шураялда. Гьел Аллагьасдаса ﷻ хIинкъулел рукIиналъ гьезул амирасеги, халипаясеги, гьезда нахърилълъаразеги бокьулеб букIинчIо хIукмуялъулъ жал мекъи ккей. Гьедин бугелъул жидеца Шура хIалтIизе гьабулеб букIана.

Дунялалъул ханзабазул ва гьезул тадбир гIуцIиналъулги букIана Шура. Амма гьезул Шура букIуна тIаде ругел гIадамазул рахъ кколеб, гьезул амро билълъине гьабулеб. Цониги низам букIинчIо хIакъикъияб гIадло бокьараб ва гьеб цIунулеб исламияб хилафат гурони. Щиб цIар лъураб бугониги гьел низамазул ахирияб мурад ва хIасил батула жидерго ханлъи ва хIакимлъи цIуни. Жинца тафсир гьабурав цо гIалимас диктатура какун буго гьеб цо чияс жиндиего бокьараб хIукму гьабулеб низам бугин ва демократия беццун буго, гьеб гIаммаб, гIемерал гIадамаз хIукму гьабулеб низам бугин абун. Гьав гIалим гьалатIлъун вуго гьел демократазул лозунгазда божун. Гьезул бицунеб рагIи буго киназего гIаммаб, амма гьез гьабулеб гIамал буго жидерго тIалъи ва ханлъи цIунулеб.

БичIчIине кколеб жо буго гьеб тIалъи ва ханлъи цохIо чиясда кодоб бугониги, цо чанго чиясда кодоб бугониги гьелдалъун щибго хIукму хисуларо. Дунялалда тIад бугеб цониги гIуцIи ва низам гьечIо жинда Аллагь ﷻ разилъулеб ва муъминзабаца жиндир рахъ кквезе кколеб цохIо исламияб дин гурони. Гьеб исламияб диналда жанир ругел гIемерал рикьалабиги руго щайтIаналъ ва диналъул тушбабаз квер бакъун лъугьарал рикьалаби. Гьел церегоялдаса тIаде рачIунел ругел рикьалабиги гIечIого цогиги рикьалаби ва къукъаби гIуцIулел гIадамалги камулел гьечIо. Гьезда ракIалде кколеб буго «Исламияб партия» абулеб жо гIуцIани гьелъ исламалъе гIемераб кумек гьабизе бугин абун.

ТIадегIанав Аллагьас нилъеда лъазе гьабун буго исламияб дин ракьалда тIад букIине ккани ва гьеб гIатIилъизеги, тIалъизеги ккани нилъеца гьабизе кколеб жо. Гьелъул бищунго кIвар бугеб амро буго киналго бусурбаби цолъи, гьезул амро жидеда гьоркьоб гIахьалаб букIин ва жидер имамлъун Къуръан букIин.

Бусурбаби цолъизе ккани шартI буго гьел жидеда гIенеккулел, гьел нахърилълъунел гIалимзаби, имамзаби, диниял хIаракатчагIи цолъи.

Гьадинаб буго жакъа къоялда жаниб бусурбабазул хIал тIолго дунялалдаго. Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло кIалъалев цо чиясда данде азарго тушман вахъунев вуго гьесул рагIи хвезабизе ва къезабизе. Кинниги ТIадегIанав Аллагьас къотIи гьабун буго жинца хIакъаб жо

(исламияб дин) бергьине гьабичIого теларин абун. Нилъ гьеб къотIи хIакъаб букIиналда божаралги руго.

Гьалда хадуб цузе гьабун Аллагьас ﷻ муъминзабазе сипат гьабун буго «Аллагьас ﷻ жидее кьураб ризкъиялдаса напакъа кьолел»-абун. Гьаб закат кьейги, садакъа кьейги, Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жидер боцIи-мал напакъаде кьейги муъминчияс гурони гьабулареб гIамал буго. Г1емераб гIакъуба бихьун бакIарараб магIишат дунялалда жинда данде кьолеб ужра-мухьги гьечIого кодоса ине бокьуларо ахираталда иман лъурав чиясе гурони. Жидеца чIухIи реццалъе, рияалъе ва мунапикълъи гьабун гьеб садакъа-хайрат гьабулел гIадамалги Аллагьас ﷻ хекого къватIир чIвазе гьарула.

Гьединго муъминзабазул сипат буго Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жидер ццим бахъунел рукIин ва гьелъие гIоло жидеца рецIел босулел рукIинги. Аллагьасдаги ﷻ, аварагасдаги ﷺ гIасиял, пасикъал гIадамаца муъминзаби къварид гьарулеб мехалъ жидеца цоцазе квер бакъи гьабун гьеб зулму нахъе чIвалеллъун рукIин. Гьаб сипатги жакъасел бусурбабазул рекIелъан нахъе ун буго. ЦIакъго дагьал гIадамал гурони Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жидер ццим бахъунел хутIун гьечIо, гьезие квер бакъулел гIадамалги гьечIо.

Т1адег1анав Аллагьасул дин г1ат1ид гьабизе г1оло жигьад гьаби «парзул кифаят» бугониги, исламияб дин гьабулел бусурбаби ц1унун ва гьезул ват1ан ц1унун жигьад гьаби «парзул г1айн» буго. Жидеда т1ад капурав хан бергьун, гьесул зулмуялда гъокь ругел бусурбабазе квер бакъи гьаби жакъа къоялда жаниб бищунго жиндир к1вар бугеб масъала буго ва жинда Аллагь ﷻ разилъулеб г1амалги буго.

Гьал сипатал рицун ахиралдаги ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Квешлъиялде данде гьабулеб жазаъ гьелда релълъараб букIине ккела абун. Ва амма жал тIаса лъугьани, жидеца маслахIат-рекъелги гьабуни гьезие кьолеб ажро Аллагьасда ﷻ аскIоб буго»-абун. Гьелъул магIнаги буго рецIел боси, къисас боси шаргIияб амро бугониги, гьелда данде Аллагьасул ﷻ рахъалъан гIакъуба-къварилъи гьечIониги жидее гьабураб зулму къварилъи тIаса лъугьун тей лъикIаб букIин Аллагьасе ﷻ гIоло, ахираталда жидее щолеб ажроялъе гIоло. Гьаб тIаса лъугьин лъикIаб ва тIадегIанаб макъам букIиналда тIоритIел гьаби буго гьал сипатал рицараб бакIалда гьоркьоб кIиго нухалъ тIаса лъугьунтей лъикIаб букIин бицин.

Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги гьал сипатал кквезе ва гьелда рекъон

хьвадизе.

**42. Х1акълъунго Аллагьас гIазаб гьабула щибго гIилла гьечIого жидеца гIадамазе зулму гьабулел, жидеца ракьалда тIад пасалъи ва къосинги загьир гьабулел гIадамазе. Гьал гIадамазе ахираталдаги жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

إِنَّمَا ٱلسَّبِيلُ عَلَى ٱلَّذِينَ يَظۡلِمُونَ ٱلنَّاسَ وَيَبۡغُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ بِغَيۡرِ ٱلۡحَقِّۚ أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ﴿٤٢﴾

**43. Х1акълъунго жинца саброги гьабурав, жив Аллагьасе ﷻ гIоло тIасаги лъугьарав чи вуго жинца цIакъ кIудияб амро гьабурав чи. Гьеб буго жинда Аллагь ﷻ разилъулеб гIамал.**

وَلَمَن صَبَرَ وَغَفَرَ إِنَّ ذَٰلِكَ لَمِنۡ عَزۡمِ ٱلۡأُمُورِ ﴿٤٣﴾

**44. Аллагьас ﷻ жив къосаравлъун тарав чи хIакъаб нухалда тIовитIулев вали вукIунаро, гьесие квер бакъулев нассирги вукIунаро. Жидеда къиямасеб къоялъул гIазаб бихьараб мехалъ гьел капурал гIадамал дуда рихьизе руго МухIаммад ﷺ, жидеца абулеллъун: «Нижее дунялалда руссине нухго гьечIишха»-ян абун.** Гьезие бокьун букIуна иманги лъун Аллагьасе ﷻ мутIилъун жал хьвадизе. Амма гьеб букIуна гIададисеб хьул лъей.

وَمَن يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِن وَلِيّٖ مِّنۢ بَعۡدِهِۦۗ وَتَرَى ٱلظَّٰلِمِينَ لَمَّا رَأَوُاْ ٱلۡعَذَابَ يَقُولُونَ هَلۡ إِلَىٰ مَرَدّٖ مِّن سَبِيلٖ ﴿٤٤﴾

**45. Дуда гьел капурзаби рихьила жал жужахIалде раккине (ралагьизе) гьарулел, жалги гьелдаса хIинкъун, гIодоргIанлъун ругеб хIалалъ, жал балъгого гурони гьеб жужахIалде ралагьуларого ругеб хIалалъ.** Жинда тIаде хвалчен борхун бугониги жив чIвазе абун гьев чиясда кIоларо гьеб хвалченалда валагьизе. Гьединаб хIал букIуна гьаб жужахIалъул агьлуялъулги.

وَتَرَىٰهُمۡ يُعۡرَضُونَ عَلَيۡهَا خَٰشِعِينَ مِنَ ٱلذُّلِّ يَنظُرُونَ مِن طَرۡفٍ خَفِيّٖۗ وَقَالَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّ ٱلۡخَٰسِرِينَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ وَأَهۡلِيهِمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۗ أَلَآ إِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ فِي عَذَابٖ مُّقِيمٖ ﴿٤٥﴾

**Жидеца иман лъун букIарал гIадамаца гьеб къоялъ абула: «Х1акълъунго тIобанго чIорого хутIарал ругоха къиямасеб къоялъ жидер агьлуялдасаги боцIималдасаги ратIалъарал гIадамал»-абун. Мун кантIе я гьав инсан! Жидеца купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабурал гIадамал даимаб гIазабалъулъ**

**рукIине руго.**

وَمَا كَانَ لَهُم مِّنْ أَوْلِيَآءَ يَنصُرُونَهُم مِّن
دُونِ ٱللَّهِ ۗ وَمَن يُضْلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِن سَبِيلٍ ﴿٤٦﴾

**46. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квер бакъичIого тараб мехалъ гьезие квер бакъизе кIолел вализабиги рукIунаро. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ къосиялда тарав чиясе жив хIакъаб диналда щолеб нух букIунаро, ахираталда алжаналда унеб нухги букIунаро.**

ٱسْتَجِيبُوا۟ لِرَبِّكُم مِّن قَبْلِ أَن يَأْتِىَ يَوْمٌ لَّا
مَرَدَّ لَهُۥ مِنَ ٱللَّهِ ۚ مَا لَكُم مِّن مَّلْجَإٍ
يَوْمَئِذٍ وَمَا لَكُم مِّن نَّكِيرٍ ﴿٤٧﴾

**47. Нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ахIиялъе жаваб гьабе гьесул расуласда нахъ рилълъа жиндир хIинкъи кIудияб жиб лъидаго нахъе чIвазе кIолареб къиямасеб къо бачIинелде цебе. Гьеб къоялъ нуж кIанцIулеб бакI букIине гьечIо хвасарлъи тIалаб гьабун.**

**Нужеда гьеб къоялъ инкар кквезеги кIоларо нужер гIамалазда.** Гьел хъван хIадурун рукIунелъул ва малаикзабаца нугIлъиги гьабула нужер гIамалазе.

فَإِنْ أَعْرَضُوا۟ فَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ عَلَيْهِمْ
حَفِيظًا ۖ إِنْ عَلَيْكَ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَإِنَّآ إِذَآ أَذَقْنَا
ٱلْإِنسَٰنَ مِنَّا رَحْمَةً فَرِحَ بِهَا ۖ وَإِن
تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌۢ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ فَإِنَّ
ٱلْإِنسَٰنَ كَفُورٌ ﴿٤٨﴾

**48. Гьел гIадамал дур рисалат къабул гьабиялдаса руссун чIани дуца ракI къварид гьабуге МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Мун гьезда тIад хьаравуллъун тарав гьечIо гьезда дин босизабизе. Дуда тIад бугеб жо буго гьезухье рисалат щвезаби. Дица инсанасе рахIмат кьураб мехалъ гьев инсан чIухIун хьвадулев вуго.** Дие щукру гьабизеги кIочонеб буго. **Жидерго мунагьал сабаблъун жидеда цо къварилъи щвараб мехальги гьев инсанасда кIочонел руго жиндие церехун кьун рукIарал нигIматал ва гьев цIакъ хьул къотIун лъугьунев вуго, кидаго жив къварилъиялда вукIаравгIадин пашманлъулевги вуго.** Гьаб буго капурав инсанасул хIал. НигIматазда щукро гьечIолъи ва балагьазда сабро гьечIолъиги.

لِّلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ يَخْلُقُ مَا
يَشَآءُ ۚ يَهَبُ لِمَن يَشَآءُ إِنَٰثًا وَيَهَبُ لِمَن
يَشَآءُ ٱلذُّكُورَ ﴿٤٩﴾

**49. Зобалазул ва ракьалъул ханлъи цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго. Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо бижула. Жиндие бокьарал гIадамазе ясал кьола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, жиндие бокьаразе васалги кьола.**

أَوْ يُزَوِّجُهُمْ ذُكْرَانًا وَإِنَٰثًا ۖ وَيَجْعَلُ مَن

**50. Жиндие бокьарал гIадамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ васалги ясалги кьола, жиндие**

يَشَآءُ عَقِيمًاۚ إِنَّهُۥ عَلِيمٌ قَدِيرٌ ﴿٥٠﴾

**бокьарал лъимерго лъугьунарелги гьарула. Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца гьабулеб жо жинда лъалев ва жиндие бокьарб жо гьабизе жиндир хIал кIолев.**

۞ وَمَا كَانَ لِبَشَرٍ أَن يُكَلِّمَهُ ٱللَّهُ إِلَّا وَحْيًا أَوْ مِن وَرَآئِ حِجَابٍ أَوْ يُرْسِلَ رَسُولًا فَيُوحِىَ بِإِذْنِهِۦ مَا يَشَآءُۚ إِنَّهُۥ عَلِىٌّ حَكِيمٌ ﴿٥١﴾

**51. Цониги инсанасда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIалъаларо жинца вахIю гьабун гурони, яги жив вихьулареб хIалалъ, пардав гьоркьоб букIун гурони. Яги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир малаикзаби ритIула жиндир вахIю босун расуллъун ва гьев малаикас Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ изнуялдалъун аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъазе гьабула Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьараб жо.**

**ХIакълъунго Аллагь жиндир зат-сипат халкъалъулалдаса тIадегIанав вуго ва жинца гьабулеб ишалъулъ хIакимиявги вуго.** Гьесул хIукму-къадар жинда жаниб хIикмат-пайда бугеб букIуна.

Гьаб аяталъ баян гьабуна ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадериде кIалъалеб хIал. Гьеб лъабго батIияб буго. Цо нух буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ илгьам гьаби (ракIалде рехи) яги макьилъ бихьизе гьаби. Гьаб нух буго аварагзабазе عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рокьарал муъминзабазе, вализабазе бугеб нух. Аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьабураб илгьам ва гьезда бихьараб макьу битIараб букIана ва гьелда гIамал гьабизе бегьула. Муъминзабазда гьабураб илгьам ва гьезда бихьараб макьу жинда гIамал гьабизе хIужалъун бкIунаро. Гьеб илгьамалда ва макьуялда жаниб щайтIаналъ жиндир хIилла-макро хIалтIизе гьабула. ЦохIо аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гурони цогидал гIадамал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ щайтIаналдаса цIунарал, жидер мунагь кколарел гьечIо. КIиабилеб нух буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир калам рагIизе гьаби живго пардавалда нахъ вукIун жив вихьулареврлъун вукIун. Гьаб буго Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIалъараб нух ва Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда мигIражалъул сордоялъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIалъараб нух. Лъабабилеб нух буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир вахIю босун малаикзаби ритIи. Гьаб нух буго киналго аварагзабазе عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ бугеб нух.

وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ رُوحًا مِّنْ أَمْرِنَاۚ مَا كُنتَ تَدْرِى مَا ٱلْكِتَٰبُ وَلَا ٱلْإِيمَٰنُ وَلَٰكِن جَعَلْنَٰهُ نُورًا نَّهْدِى بِهِۦ مَن نَّشَآءُ مِنْ عِبَادِنَاۚ وَإِنَّكَ لَتَهْدِىٓ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٥٢﴾

**52. Цогидал аварагзабазда عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ шаригIат вахIю гьабураб гIадинго Дица дуда гьаб Къуръанги вахIю гьабуна МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, жиб Дир рахъалъан лагъзадерие рухIлъун бугеб.** Жиндалъун гьел купруялъул хвалидаса чIаголъулеб. **Дуда лъалеб**

**букӀинчӀо Дица вахӀю гьабилелде цебе тӀехь щиб жо бугеб ва иманлъей кин букӀунебги.**
**Кинниги Дица гьаб Къуръан гьабуна Дир лагъзадеридаса Дие бокьарал гӀадамал жиндалъун тӀоритӀулеб нурлъун. Х1акълъунго мунги вуго МухӀаммад ﷺ, дуца исламияб диналде гӀадамал тӀоритӀулевлъун вугев.**

صِرَٰطِ ٱللَّهِ ٱلَّذِى لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ أَلَآ إِلَى ٱللَّهِ تَصِيرُ ٱلْأُمُورُ ﴿٥٣﴾

**53. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ битӀараб нух буго гьеб исламияб дин, зобалазулги ракьалъулги, гьезда жаниб ва гьоркьоб бугеб жоялъул БетӀергьанлъун жив вугев гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ .**

**Нужеда лъае, я гьал гӀадамал: Киналго умуразул (ишазул) руссин цохӀо Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ буго.** Ва гьес гьабизе буго ахираталда хӀисаб мизан ва жазаъ.

ТӀадегӀанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда ﷺ: «Дуда иман щиб жо бугеб лъалеб букӀинчӀо»-абун абураб рагӀиялъул магӀна гьечӀо гьев аварагасе Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукӀин лъалеб букӀинчӀин абураб. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавулев, гьесие лагълъи гьабулев вукӀана жив аварраглъун витӀилалде цевего. Гьединго жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавулеллъун, гьесие лагълъи гьабулеллъун гьаруна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цогидал жиндир аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ жал гьитӀинал ругеб къоялдасанго. Гьедин гьечӀеб ани гьел аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ мунагьалги рукӀинаан.

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀаммад аварагасда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндихъ аварраглъи ﷺ кьун Къуръан рештӀине бай бихьилелде цебе лъалеб букӀинчӀо исламияб диналъул шаргӀиял ахӀкамал. Гьел ахӀкамал гьесда лъазе гьаруна, гьес умматалдеги щвезе гьаруна Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръан аслолъун гьабун, гьеб Къуръан гуребги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ МухӀаммад аварагасда ﷺ вахӀю гьабураб исламияб диналъул ахӀкамал баян гьарун.

Гьединго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хирияв аварагасда ﷺ абураб: «Мун гӀадамал битӀараб нухалда тӀоритӀулев вуго»-абураб рагӀиялъул магӀна буго мун гьезда битӀараб нух бихьизе гьабулев, гьеб лъазе гьабулев вуго абураб. Гьеб магӀна гьедин букӀин нилъеда лъала гьабго сураталда жаниб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагасда ﷺ абун букӀиналъ: «Дуда тӀад буго гӀадамазухъе рисалат щвезе гьаби»-абун. (48 аб аят).

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Щураялъул тафсир ва таржама хъван тӀубана.
Кинабго рецц ва щукру ТӀадегӀанав Аллагьасе буго.

# 43. Сурату Ззухруф

سُورَةُ الزُّخْرُفِ

*Гьаб сурат Маккаялда жиб рештIизе гьабураб бугелъул гьелда жанир исламалъул аслаби рицун руго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялдаса байбихьун гьесул аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьарун, ахираталда хIисаб-мизан ва жазаъ букIин хIакъаб букIин баян гьабун буго.*

*Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ вахIю хIакъаб букIин, гьаб Къуръанги гьесул калам букIин бицунеб буго жинда хъвай цIали лъаларев гIарабияв расуласда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ жиб рештIине гьабураб.*

*Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIал кIоялда тIоритIел гьабизе зобал ракьал рижин ва гьезда гьорькоб бугеб махлукъалъул бижин бицун буго. Исламияб дин бачIинегIан цебе жагьилаб агьлуялъ хьвадизе гьарулел рукIарал гьересиял ахIмакъал пишаби рицун руго. Ясал жидее рихарал рукIин, гьел чIаго ракьулъе лъолел ракIин букIана гьезул гIамал, амма гьез малаикзаби Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал ругин абуна. Гьазул ахIмакълъи баян гьабуна ва хIакъикъат кин бугеб бицана.*

*Дагьабго Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къисаги бицун буго. Гьев хъанчазде данде чIарав, гьезда рагъ балев вукIин баян гьабуна Маккаялъул мушриказ жал Ибрагьимил диналда ругин абураб рагIиги хвезе гьабуна.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагсда мушрикаца чIвалеб гIайиб батIул гьабуна. Гьез абулеб букIана мискинав, ятимав МухIаммадидайищ صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вахIю рештIунеб бечедал, чIухIарал, ханзабилъун ругел жидеда рештIинчIого абун. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб хиралъи ва кIодолъи боцIи-малалда, тухум кьибилалда бараб гьечIеблъи баян гьабуна гьаб суратальъ. Муса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ ва пиргIавнил къисаги бицун буго гьеб ханлъиги чIухIиги Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб жиндир къимат гьечIеб жо букIин баян гьабизе.*

*Сураталъул ахиралда къиямасеб къоялъул цоцо хIалал рицун руго, гьениб букIунеб хIинкъи къварилъиялда ишара гьабун буго.*

*Сураталда цIар тун буго: «Берцинлъабазул сурат»-абун. Гьеб цIар теялъе сабаб буго гьаб сураталда жаниб бицун букIин гьаб дунялалъул бечелъи, боцIи-мал ва хазина жиб хехго тIаса унеб жинца инсанасул бер гуккулеб жо букIин. ТIаса берцинаб сурат ва кьер бугониги жанисан дунял жинца инсанасе зарал гьабулеб жо букIин бицун буго.*

*Аллагьасда* ﷻ *аскIоб кинабго дунял цо кIкIарадал кваркьиялъулгIадаб багьаяб гьечIеб жо буго. Гьедин бугелъул Аллагьас* ﷻ *гьеб дунял кьола капуразеги, пасикъал, гIасиял гIадамазеги, ахират Аллагьас* ﷻ *кьоларо жив разиял, жиндаса хIинкъарал муъминзабазе гурони.*

**Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.** بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. ХIа. Мим.** حمٓ ﴿١﴾
ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб жиндир мурад.

**2. Жиб баянаб, жиндир хIукму загьираб, жинца хIакъаб диналда тIоритIулеб Къуръаналдалъун гьедулев вуго Аллагь** ﷻ **.** وَٱلۡكِتَٰبِ ٱلۡمُبِينِ ﴿٢﴾

**3. ХIакълъунго Дица гьеб Къуръан гьабун буго гIараб мацIалда жиб цIалулеб тIехьлъун: нужеда гьеб Къуръан бичIине ва нужеца гьелда гIамал гьабизе.** Гьелъул ахIкамал нужеда лъазе. Гьеб Къуръаналъул пасихIлъи ва магIна гъварилъи бихьараб мехалъ гьеб Аллагьасул ﷻ калам букIинги нужеда лъазе. إِنَّا جَعَلۡنَٰهُ قُرۡءَٰنًا عَرَبِيّٗا لَّعَلَّكُمۡ تَعۡقِلُونَ ﴿٣﴾

**4. ХIакълъунго Дида аскIоб бугеб лавхIул махIфузалдаги гьеб Къуръан жиндир къадро тIадегIанаб ва жиндир хIикмат гъваридаб буго.** وَإِنَّهُۥ فِيٓ أُمِّ ٱلۡكِتَٰبِ لَدَيۡنَا لَعَلِيٌّ حَكِيمٌ ﴿٤﴾
Гьеб Къуръан жиндир къадро кIудияб букIиналъ жинда Къуръан рештIине гьабурав МухIаммад аварагги ﷺ ва гьесул умматги къадро бугеб букIуна.

**5. Нуж Аллагьасда** ﷻ **гIасилъи ва иман лъолареб къавм бугин абун дица нужеда расулги витIинчIого тIехьги рештIине гьабичIого телишха?** أَفَنَضۡرِبُ عَنكُمُ ٱلذِّكۡرَ صَفۡحًا أَن كُنتُمۡ قَوۡمٗا مُّسۡرِفِينَ ﴿٥﴾
Толаро Гьедин тараб мехалъ нуж хIайваназда релълъун рукIуна. Дица нужеда расулги витIун, тIехьги рештIине гьабун нуж хIакъаб исламияб диналда ахIула. КигIанго нужеца гьеб хIакъаб жо нахъе чIвалеб бугониги Дир гурхIел рахIмоялдалъун Дица нужее гьабулеб вагIза насихIат нахъаса къотIизе толаро. ТIадегIанав Аллагьас къого соналъ ахIана гьел мушрикал ва капурал гIадамал хIакъаб диналда. Цересел умматал гIадин гьел гьалагги гьаричIо, гьезул ахирги къотIизе

гьабичIо. Гьаб буго Къуръанги гьеб жинда рештIараб умматги хирияб букIиналъе цоги гIаламат.

**6. Дица гIемерал аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **ритIичIишха цересел умматаздаги?**

وَكَمْ أَرْسَلْنَا مِن نَّبِيٍّ فِي الْأَوَّلِينَ ﴿٦﴾

**7. Гьезухъе цониги авараг вачIулев вук1инч1о гьез жив гьереси ва махсароде гьавулев вукIун гурого.**

وَمَا يَأْتِيهِم مِّن نَّبِيٍّ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ﴿٧﴾

**8. Гьаб Маккаялъул агьлуялдаса цIакъго къуватал ва жидер гIасилъи бергьарал гIадамал Дица гьалаг гьаруна. Гьезул бицен гьаб Къуръаналда жанибги гьабуна** гьаб къавмалъе вагIзалъун букIине. Гьал аятал рештIине гьариялдаса мурадги буго Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьей ва Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул ракI парахат гьабиги.

فَأَهْلَكْنَا أَشَدَّ مِنْهُم بَطْشًا وَمَضَىٰ مَثَلُ الْأَوَّلِينَ ﴿٨﴾

**9. Дуца гьел мушриказда гьикъани гьал зобалги ракьги лъица бижараб абун, чара гьеч1ого гьез дуе жаваб гьабизе буго: «Гьел рижана жиндир гуч бергьарав, жиндир гIелму камилав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **»-абун.** Гьаб гIалам бижарав, жалги рижарав Халикъ жидер БетIергьан вукIиналда мукIурлъула гьел мушрикал, цингиги жидеца Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъиги гьабула.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ خَلَقَهُنَّ الْعَزِيزُ الْعَلِيمُ ﴿٩﴾

**10. Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жинца нужее ракь бусенгIадин рекъезе гьабурав, нуж жинда тIад чIезе санагIат бугеб хIалалъ. Гьеб ракьалда тIад нужее нухалги гьарурав нужер хIажатал тIуразе нуж сапаразде унел. Гьаб кинабго жо Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабун буго нужеда лъазе гьаб гIаламалъул БетIергьан вукIин жиндир къудрат камилав хан.** Гьев ханасе лагълъи гьабизе тIадаб букIинги лъазе.

الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ مَهْدًا وَجَعَلَ لَكُمْ فِيهَا سُبُلًا لَّعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ﴿١٠﴾

**11. Жинца зодисан цIад рештIине гьабулевги вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндир къадар хIажалъиялда рекъараб хIалалъ решт1ине гьабун. Гьеб цIадалдалъун Дица хвараб ракьги чIаго гьабула. Гьеб хвараб ракь чIаго гьабулеб гIадин ахираталда нуж хабалъан**

وَالَّذِي نَزَّلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً بِقَدَرٍ فَأَنشَرْنَا بِهِ بَلْدَةً مَّيْتًا ۚ كَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ﴿١١﴾

**тIадеги рахъине гьарула.**

**12. Жинца нужее кинабго жо бижарав вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**
Жидер жинс батIиял, кьер, тIагIам батIиял нигIматал рижарав, нужее берцинлъиялъе гъветI-хер, тIугьдул рижарав. РухI бугеб букIа, рухI гьечIеб букIа гIемер батIияб махлукъ бижана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанас жиндасан мунпагIат босизе. **Нуж тIад рекIун хьвадизе хIайванал рижана, ралъдада тIаде хьвадулел гумулги рижана.**

وَٱلَّذِي خَلَقَ ٱلۡأَزۡوَٰجَ كُلَّهَا وَجَعَلَ لَكُم
مِّنَ ٱلۡفُلۡكِ وَٱلۡأَنۡعَٰمِ مَا تَرۡكَبُونَ ١٢

**13. Нуж гьел хIайваназда ва гумузда тIад рекIине ва тIад рекIун хIалхьараб мехалъ нужеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гIемер рехсезе ва гьесул нигIматазе щукруги гьабизе. Нужецаги абизе: «Жив ТIадегIанав ва ВацIадав вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, жинца нижее гьаб рекIунеб жо квегъарав. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб квегъун букIинчIебани нижеда гьелда тIад рекIун хьвадизе кIвезе букIинчIо**

لِتَسۡتَوُۥاْ عَلَىٰ ظُهُورِهِۦ ثُمَّ تَذۡكُرُواْ نِعۡمَةَ رَبِّكُمۡ
إِذَا ٱسۡتَوَيۡتُمۡ عَلَيۡهِ وَتَقُولُواْ سُبۡحَٰنَ ٱلَّذِي
سَخَّرَ لَنَا هَٰذَا وَمَا كُنَّا لَهُۥ مُقۡرِنِينَ ١٣

**14. Ва «Х1акълъунго ахираталда ниж киналго нижер БетIергьан Аллагьасде руссине руго»- абун.**

وَإِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا لَمُنقَلِبُونَ ١٤

**15. Гьав БетIергьан Аллагьасе гьес бижараб махлукъалдаса гIахьал чагIи гьарулел руго мушрикаца. Х1акълъунго гьал гIадамал жидер купруялъулъ рагIа-ракьанде щварал руго.**

وَجَعَلُواْ لَهُۥ مِنۡ عِبَادِهِۦ جُزۡءًاۚ إِنَّ ٱلۡإِنسَٰنَ
لَكَفُورٞ مُّبِينٌ ١٥

**16. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир махлукъалдаса ясалищха жиндиего тIаса рищулел нужее васалги тун?.**

أَمِ ٱتَّخَذَ مِمَّا يَخۡلُقُ بَنَاتٖ وَأَصۡفَىٰكُم
بِٱلۡبَنِينَ ١٦

**17. Гьезул цоясе яс гьаюн йиго абун рохел бицараб мехалъ гьесул гьумер чIегIерлъулеб буго, ракI къварилъун ццидал цIун, гьабилесеб жо тIагIунги хутIулев вуго.**

وَإِذَا بُشِّرَ أَحَدُهُم بِمَا ضَرَبَ لِلرَّحۡمَٰنِ مَثَلٗا
ظَلَّ وَجۡهُهُۥ مُسۡوَدّٗا وَهُوَ كَظِيمٌ ١٧

ГьадигIанго жиндие рихарал ясал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ руго абун кин абулеб гIакъло бугел гIадамаз? Гьеб рагIи аби буго гьезул ахIмакълъи ва чIухIи. Гьелдалъун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гIодовегIан гьавила жидеца абун кколеб буго гьезда. Ва амма Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел цIакъ гIодорегIан

гьарула ва абадияб жужахIалда жанир лъугьине гьарула.

أَوَمَن يُنَشَّؤُاْ فِي ٱلۡحِلۡيَةِ وَهُوَ فِي ٱلۡخِصَامِ غَيۡرُ مُبِينٖ ١٨

**18. Жал хIеренго, реэдун, къачIа-кIатIан кIудиял гIезе гьарулел ва жидер напс цIунизе гIакълоги, гьунарги гIоларел ясал ругин Аллагьасул ﷻ абунищ нужеца абулеб?.**

وَجَعَلُواْ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةَ ٱلَّذِينَ هُمۡ عِبَٰدُ ٱلرَّحۡمَٰنِ إِنَٰثًاۚ أَشَهِدُواْ خَلۡقَهُمۡۚ سَتُكۡتَبُ شَهَٰدَتُهُمۡ وَيُسۡـَٔلُونَ ١٩

**19. Аллагьасул ﷻ лагъзаллъун ругел малаикзабиги ясал руго абулеб буго гьел мушриказ. Аллагьас ﷻ гьел малаикзаби рижулеб мехалъ гьеб бакIалда рукIанищха гьал мушрикал, жидеда гьел бихьиналищ ругел яги цIуялищ ругел лъазе? Гьаб гьересияб нугIлъи хъвае абун Аллагьас ﷻ жиндир малаикзабада амру гьабула ва ахираталда гьеб нугIлъи кин жидеца гьабулеб букIараб абун гьезда кIал гьикъиги гьабизе буго.**

وَقَالُواْ لَوۡ شَآءَ ٱلرَّحۡمَٰنُ مَا عَبَدۡنَٰهُمۗ مَّا لَهُم بِذَٰلِكَ مِنۡ عِلۡمٍۖ إِنۡ هُمۡ إِلَّا يَخۡرُصُونَ ٢٠

**20. Гьел мушрикаца абулеб буго: «Аллагьасе ﷻ бокьун букIараб ани нижеца хъанчазе лагълъи гьабичIого букIине, нижеца гьеб лагълъи гьабизе букIинчIо»-абун.**

Аллагьасе ﷻ бокьун буго нижеца хъанчазе лагълъи гьаби, гурони гьес ниж гьеб лагълъи гьабизе толароан абураб магIна буго гьаб рагIиялъул. Гьаб буго батIулаб рагIи. Аллагьас ﷻ гьел хъанчазе лагълъи гьабизе рижичIо, гьезие лагълъи гьабе абун амроги гьабичIо, хIал гьабун гьеб лагълъи гьабизеги тIамичIо. Жидеца Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабулеб букIараб ани гьеб лагълъи гьабизеги толаан Аллагьас ﷻ гьел. **Жидее щибго гIелму ва гIилла-хIужжа гьечIеб рагIи буго мушриказул гьаб рагIи. Гьел гIадамал руго жидеца гьереси бицунел ва щиб бугониги жодода рак1алда ккараб жо бицунел.**

أَمۡ ءَاتَيۡنَٰهُمۡ كِتَٰبٗا مِّن قَبۡلِهِۦ فَهُم بِهِۦ مُسۡتَمۡسِكُونَ ٢١

**21. Яги Дица гьал мушриказухъе гьаб къуръаналдаса цебе цоги тIехьишха кьун букIараб, жидеца гьелда гIамал гьабизе!**

Гьаб жидеца гьабулеб къабихIаб гIамал гьеб тIехьалда нахърилълъун гьабулеб бугин абизе БукIинчIо гьезда тIехь рештIине гьабун.

بَلۡ قَالُوٓاْ إِنَّا وَجَدۡنَآ ءَابَآءَنَا عَلَىٰٓ أُمَّةٖ وَإِنَّا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم مُّهۡتَدُونَ ٢٢

**22. Гьез абулеб буго: «Х1акълъунго нижеда нижер умумул ратана гьаб диналда ва ниж гьезда нахърилълъун,**

**гьезул нухалда унел руго»-абун.**

**23. Дудаса церехунги ритIичIо Дица цониги росдал агьлоялде, жодоца хIинкъи кьолел аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ, гьеб агьлоялъ жодода абулел рукIун гурони хIакълъунго: «Нижеда нижер умумул ратана гьаб диналда, нижги гьезда нахърилълъун руго»абун.**

وَكَذَٰلِكَ مَآ أَرۡسَلۡنَا مِن قَبۡلِكَ فِي قَرۡيَةٖ مِّن نَّذِيرٍ إِلَّا قَالَ مُتۡرَفُوهَآ إِنَّا وَجَدۡنَآ ءَابَآءَنَا عَلَىٰٓ أُمَّةٖ وَإِنَّا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم مُّقۡتَدُونَ ﴿٢٣﴾

**24. Гьезда аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абулеб букIана: «Дун нужехъе нужер умумул жинда ругелдасаги хIакъаб ва битIараб дин босун вачIун вугониги чIезе ругишха нуж нужер умумузул диналда»-абун. Гьез абуна: «ХIакълъунго нижеца инкар кколеб буго нужедаги, нуж жиндалъун ритIараб диналдаги»-абун.**

۞قَٰلَ أَوَلَوۡ جِئۡتُكُم بِأَهۡدَىٰ مِمَّا وَجَدتُّمۡ عَلَيۡهِ ءَابَآءَكُمۡۖ قَالُوٓاْ إِنَّا بِمَآ أُرۡسِلۡتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ﴿٢٤﴾

**25. Дица гьел капурал гIадамаздаса ццим босана ва гьел гьалаг гьаруна. Мун валагье ва дуца пикру гьабе я гьав инсан, кинаб ахирдай букIана гьел гIасиял, чIухIарал, жидеда жидер БетIергьан Аллагь лъачIеб къавмалъул абун.**

فَٱنتَقَمۡنَا مِنۡهُمۡۖ فَٱنظُرۡ كَيۡفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلۡمُكَذِّبِينَ ﴿٢٥﴾

Гьезул насло бакъвазе гьабуна, гьезул бечелъиги ракьалда буссана, гьезул росаби, шагьаралги чIунтана. Гьел тIад рукIараб ракьги цоги къавмаз ирсалъе босана.

**26. Дуца умматалда бице МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, Ибрагьим аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир инсуда ва къавмалда абураб гIуж: «ХIакълъунго дун вацIадав вуго ва рикIкIадав вуго нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчаздаса.**

وَإِذۡ قَالَ إِبۡرَٰهِيمُ لِأَبِيهِ وَقَوۡمِهِۦٓ إِنَّنِي بَرَآءٞ مِّمَّا تَعۡبُدُونَ ﴿٢٦﴾

**27. Жинца дун вижарав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабула дица гIибадат, гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дун хIакъаб диналда тIовитIула ва абадияб бахьи буголъиялдаги тIовитIула»-абун.**

إِلَّا ٱلَّذِي فَطَرَنِي فَإِنَّهُۥ سَيَهۡدِينِ ﴿٢٧﴾

**28. Ибрагьим аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун абураб гьаб рагIи нахъе хутIана гьесда хадусел киналго умматазулъ.**

وَجَعَلَهَا كَلِمَةَۢ بَاقِيَةٗ فِي عَقِبِهِۦ لَعَلَّهُمۡ يَرۡجِعُونَ ﴿٢٨﴾

Гьезда гьоркьор жидеца «Лаилагьа иллаллагь» – абулел гIадамал рукIине руго къиямасеб къо щвезегIан. **Гьеб рагIи**

**нахъе хутIулеб буго жидеца купру-ширк гьабулел гIадамазда гьеб рагIине ва гьелъул вагIза лъугьун, пикру гьабун, жидеца гьеб купру-ширк тезе, жалги иманалда рачIине.**

**29. Дица гьаб Маккаялъул агьлуялъе ва гьезул умумузеги нигIматал кьуна, гIумруги халат гьабуна.**

بَلْ مَتَّعْتُ هَٰٓؤُلَآءِ وَءَابَآءَهُمْ حَتَّىٰ جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ وَرَسُولٌ مُّبِينٌ ﴿٢٩﴾

Гьезул ватIан жиндилъ хIинкъи гьечIеб, кинабгo рахъалъа жинда жаниб ризкъи бачIунеблъун гьабун. Гьедин рахIаталда Дица жал хьихьараб мехалъ гьезда Дун рехсей кIочана, Дие гIибадат гьабичIого хъанчазе лагълъи гьабун хьвадана. **Цинги гьезухъе Дир хIакъаб калам Къуръан бачIана ва жинца хIакъаб диналда гьел ахIулев, гьезда жив лъалев, гьезул мацIги бичIч1улев, жиндие мугIжизаталги ругев, расулги вачIана.**

**30. Гьеб хIакъаб Къуръан жидехъе бачIараб мехалъ гьез абуна: «Гьаб жо сихIро буго ва нижеца гьелда инкар кколеб буго»-абун.**

وَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ قَالُوا۟ هَٰذَا سِحْرٌ وَإِنَّا بِهِۦ كَٰفِرُونَ ﴿٣٠﴾

Жидер гъоркьго букIараб купру-ширкалда тIадеги гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам гьереси гьаби, гьесул расул махсароде гьави цIикIине гьабуна.

**31. Жегиги мушрикаца абуна: «Гьаб Къуръан рештIине гьабун букIарабани Маккаялъул яги ТIаифалъул бечедав ва къадро бугев чиясда»-абун.**

وَقَالُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانُ عَلَىٰ رَجُلٍ مِّنَ ٱلْقَرْيَتَيْنِ عَظِيمٍ ﴿٣١﴾

Маккаялъул сайидлъун вугев Алвалид ибну алМугъиратида, яги ТIаифалъул ханлъун вугев ГIурват ибну МасгIудида. Цинги нижеца гьелда иман лъезе букIана. Гьез рикIкIадаб жолъун гьабуна жидеда гьоркьов вугев ятим МухIаммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Къуръан рештIине гьаби. Гьезул пикруялда рекъон дунялалъул ханлъи ва бечелъи бугел гIадамал ритIизе кколел руго аварагзабилъунги.

Гьезул рагIи хвезабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**32. Гьел мушрикалищ ругел МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дур БетIергьан Аллагьасул рахIмат жидеца бикьулел гIадамал?** Жидехъе витIулев авараг щив вукIине кколев, ва щиб росолъан вукIине кколев гьезул ихтиярaлдайищ бугеб? ГьечIо гьеб амро гьезда кодоб.

أَهُمْ يَقْسِمُونَ رَحْمَتَ رَبِّكَ ۚ نَحْنُ قَسَمْنَا بَيْنَهُم مَّعِيشَتَهُمْ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۚ وَرَفَعْنَا بَعْضَهُمْ فَوْقَ بَعْضٍ دَرَجَٰتٍ لِّيَتَّخِذَ بَعْضُهُم بَعْضًا سُخْرِيًّا ۗ وَرَحْمَتُ رَبِّكَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ﴿٣٢﴾

**Дица гьезда гьоркьоб магIишат бикьун буго гьаб дунялалъул чIаголъиялда гьел ругебгIан мехалъ. Дица гьезул цоял цогидаздаса тIадегIанал, бечедалги гьарун руго, цо гIадамал цогидал гIадамазе хъулухъ гьабулел, гьезие х1алтIи гьабулел рукIине.** Киналго бечедал рукIаралани гьезие хIалтIи гьабулев чи вукIинароан, киналго ханзаби рукIаралани гьезул рагIиятги букIинароан. Гьедин бугелъул гьаб дунялалъул рукъ буго цо гIадамал цогидазе хъулухъалъе рижараб.

Ва амма Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб инсан хирияв вукIин гьесул бечелъи-ханлъиялда бараб гьечIо. Гьеб бараб буго инсан Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъалев, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вокьарав, гьев разилъи тIалаб гьабулев вукIиналда. Гьединав инсан гьавула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хираги, тIокIги. Гьесие кьола авараглъиги, гIелмуги, гIакълоги. Гьев вукIула дунялалдаги ахираталдаги жиндир бахьи бугевлъун, жиндир лъикIлъиялда кверщел батаравлъун. Гьаб амру гьедин букIин баян гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе гьабураб рахIмат лъикIаб буго МухIаммад ﷺ, гьел мушрикаца жиб данде гьабулеб дунялалъул боцIи-малалдаса.** Гьеб рахIматги авараглъи кьей буго, ахираталда шапагIат гьабизе изну кьейги буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг кинабниги гIаламалъего рахIматлъун витIарав авараг вуго. Гьеб тасдикъ гьабун Къуръаналъул аятги бачIана (суратул Анбияъ 107 аят). Гьав хирияв авараг ﷺ жиндие рахIмат гьабурав ва жив цогидазе рахIматлъун гьавуравги вуго.

وَلَوْلَآ أَن يَكُونَ ٱلنَّاسُ أُمَّةً وَٰحِدَةً لَّجَعَلْنَا لِمَن يَكْفُرُ بِٱلرَّحْمَٰنِ لِبُيُوتِهِمْ سُقُفًا مِّن فِضَّةٍ وَمَعَارِجَ عَلَيْهَا يَظْهَرُونَ ٣٣

**33. Киналго гIадамал купру-ширкалда чIелилан гуребани, Дица гьел капурал гIадамазе гIемераб бечелъи-хазина кьелаан, гьезул минабазда тIад ругел тIохалги гIарцол гьарилаан, гьел тIохозда рахунел малалги гIарцол гьарилаан.**

وَلِبُيُوتِهِمْ أَبْوَٰبًا وَسُرُرًا عَلَيْهَا يَتَّكِـُٔونَ ٣٤

**34. Гьезул рукъзабазул рагьабиги, гьел тIад гIодор чIолел тахалги гIарцол гьарилаан.**

وَزُخْرُفًا ۚ وَإِن كُلُّ ذَٰلِكَ لَمَّا مَتَٰعُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۚ وَٱلْـَٔاخِرَةُ عِندَ رَبِّكَ لِلْمُتَّقِينَ ٣٥

**35. Цогиги гIарац меседалъ къачIарал къедал, гордал гьарилаан, дарай зарбалалъул босен-ретIелги гьабилаан. Гьеб кинабго жо гьечIо дунялалъул матагI гурони: жиб даимаб гуреб, жиб хехго тIаса унеб.**

**Жиндилъ абадиял нигIматалги, рахIат-лазатги бугеб ахират дур БетIергьан Аллагьасда аскIоб жиб лъикIаб буго жиндаса хIинкъарал муъминзабазе хIадурун буго.** Гьеб ахираталда Аллагьасда ﷻ инкар ккураб, гьесда гIасилъараб халкъалъе щибго лъикIлъи гьечIо.

Гьаб лъабго аяталда жаниб бицараб жоялъул хIасил буго: гьаб дунялги, гьелъул бечелъи-хазинаги Аллагьасда ﷻ аскIоб жиндир щибго къимат-къадро гьечIеб жо букIин. Гьедин бугелъул Аллагьас ﷻ гьеб дунялалъул боц1и-мал жинда гIасиял гIадамазеги кьола. Гьаб дунялалъул бечелъи жиндие кьуравги, гьеб кьечIевги чи Аллагьасе ﷻ щибго батIалъи гьечIо, гьел киналго гьесул лагъзал руго. Аллагь ﷻ валагьулеб бакI буго жиндир лагъасда жив лъалев вугодай ва жиндаса гьев хIинкъулев вугодай абун. Гьеб буго Аллагьас ﷻ жиндир лагъ жинда гIагар гьавулеб бакI. Гьеб Аллагь ﷻ лъаялдалъун буго абадияб ахираталда инсанасе алжан щвейги.

Замахшарияс абуна: Цо чияс абуни: Киналго гIадамал купруялда ина абун хIинкъун капурзабазе гIемераб бечелъи кьун батичIони, киналго гIадамал исламалда рачIине бокьун муъминзабазе щайха кьечIеб дунялалъул бечелъи абун, гьеб рагIиялъе жаваб буго: Дунялалъул боцIиялъе гIоло гIадамал исламияб диналде рачIинги гьел гIадамазе питна букIилаан. Гьеб ислам букIинаан мунапикъзабазул динлъун. Гьедин бугелъул бищунго хIикмат бугеб ва маслахIат бугеб хIукму-тадбир буго ТIадегIанав Аллагьас гьабураб. Капурал гIадамалги руго бечедалги мискиналги, муъминзабиги руго бечедалги мискиналги. Гьелъул магIна буго дунялалъул бечелъи яги мискинлъи иман лъеялда бараб жо гьечIеблъи.

وَمَن يَعْشُ عَن ذِكْرِ ٱلرَّحْمَٰنِ نُقَيِّضْ لَهُۥ شَيْطَٰنًا فَهُوَ لَهُۥ قَرِينٌ ﴿٣٦﴾

**36. Аллагь ﷻ рехсеялдаса, гьесул Къуръан цIалиялдаса жив беццлъарав, гьапуллъарав чиясе Дица гьесда цадахъ даимго букIунеб щайтIан гьабула жинца гьев кидаго вас-васазда, гъаплаталда чIезе гьавулеб. Гьеб щайтIан гьесул гьудуллъун букIине буго, жиб кидаго гьесдаса батIалъулареб.**

وَإِنَّهُمْ لَيَصُدُّونَهُمْ عَنِ ٱلسَّبِيلِ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُم مُّهْتَدُونَ ﴿٣٧﴾

**37. Х1акълъунго гьел щайтIабаца гьал капурзаби хIакъаб диналдаса руссине гьарула ва гьел капурзабазда ракIалда ккола жал битIараб нухалда ва хIакъаб**

**диналда ругин абун.**

**38. Гьев капурчи къиямасеб къоялъ Дида цеве вачIараб мехалъ ва жиндие хIадурун бугеб гIазабги бихьараб мехалъ гьес абула: «Вай аман Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ! Дудаги дидаги гьоркьоб бакъ баккудаги бакъ тIерхьудаги гьоркьоб бугеб гIадаб рикIкIалъи букIараб ани. Ц1акъ квешаб гьудул букIун бугоха мун»-абун.?**

حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَنَا قَالَ يَٰلَيۡتَ بَيۡنِي وَبَيۡنَكَ بُعۡدَ ٱلۡمَشۡرِقَيۡنِ فَبِئۡسَ ٱلۡقَرِينُ ﴿٣٨﴾

**39. Жакъа пашманлъиялъ нужее щибго кумек гьабуларо, дуняналда нужеца напсазе зулму гьабун букIун хадуб. Х1акълъунго жакъа нуж киналго: Жал къосаралги, жидеца къосине гьаруралги, жужахIалъул гIазабалъулъ цадахъ рукIине руго.**

وَلَن يَنفَعَكُمُ ٱلۡيَوۡمَ إِذ ظَّلَمۡتُمۡ أَنَّكُمۡ فِي ٱلۡعَذَابِ مُشۡتَرِكُونَ ﴿٣٩﴾

Дунялалъул рукъоб жидеда къварилъи щварал цогиги гIадамал рихьараб мехалъ жинда къварилъи щварав чиясе дагъаб бугониги бигьалъи бачIуна, саброги цIикIкIуна. Амма ахираталда жужахIалда жанир ругел гIадамазе щибго бигьалъи ва ракI хIалхьей бачIунаро жалгун цадахъ цогиги капурзабазе гьабулеб гIазабалда балагьун. ЦIакъго захIматаб букIуна гьеб гIазаб ва гьениб цогидазул пикру гьабизе регIел букIунаро.

**40. Мунищ вугев МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, гьал капурал гIадамазда хIакъаб жо рагIизабизе к1олев, гьел гIинкъаллъун чIараб мехалъ. Яги мунищ вугев беццавлъун чIарав капурчи битIараб нухалда вачине к1олев, ва жив загьираб ва баянаб къосиналъулъ вугев чи хIакъаб диналда вачинеги к1олев.**

أَفَأَنتَ تُسۡمِعُ ٱلصُّمَّ أَوۡ تَهۡدِي ٱلۡعُمۡيَ وَمَن كَانَ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ﴿٤٠﴾

Дуда гьеб кIоларо МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ ! Гьедин бугелъул дуца ракI къварид гьабуге гьел капурзабаца дур рагIи къабул гьабичIин абун.

**41. Дица мун хвезе гьавуниги МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, х1акълъунго Дица гьел мушриказдаса ццим босизе буго ва гьезие гIазаб гьабизе буго.**

فَإِمَّا نَذۡهَبَنَّ بِكَ فَإِنَّا مِنۡهُم مُّنتَقِمُونَ ﴿٤١﴾

**42. Мун чIаго вукIун дуда бихьизе гьабунги гьабизе бегьула Дица гьезие къотIи гьабураб гIазаб. Х1акълъунго Дун хIал кIолев вуго гьел**

أَوۡ نُرِيَنَّكَ ٱلَّذِي وَعَدۡنَٰهُمۡ فَإِنَّا عَلَيۡهِم مُّقۡتَدِرُونَ ﴿٤٢﴾

**капурзабазе гьезул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе.**

**43. Мун тIад чIа МухIаммад ﷺ, дуда вахIю гьабураб диналда ва гьеб диналда халкъ ахIиялда. Х1акълъунго мун битIараб нухалда вуго ва хIакъаб диналдаги вуго.**

فَٱسۡتَمۡسِكۡ بِٱلَّذِيٓ أُوحِيَ إِلَيۡكَۖ إِنَّكَ عَلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسۡتَقِيمٖ ﴿٤٣﴾

**44. Х1акълъунго гьаб хирияб Къуръан дуеги дур къавмалъеги кIудияб роххел ва хиралъи буго.**

وَإِنَّهُۥ لَذِكۡرٞ لَّكَ وَلِقَوۡمِكَۖ وَسَوۡفَ تُسۡـَٔلُونَ ﴿٤٤﴾

Гьаб рештIине гьабун бугелъул Къурайшиязул чиясда ва гьезул мацIалда. **Нужеда ахираталда гьикъизеги буго гьаб кIудияб нигIматалда нужеца щукру гьабунадай абун. Ва гьелда г1амал гьабунадай абунги.**

Гьаб хирияб Къуръан гьел Къурайшиязе бугеб хиралъи-кIодолъи бугеб гIадин киналго гIарабиязе бугеб хиралъи буго. Гьедин гьеб Къуръан жинда гIамал гьабуравщинав чиясе хиралъи ва кIодолъи буго. Гьеб къуръаналъул агьло бугелъул алжаналъул агьло. Къурайшиязе хиралъи буго къуръан абураб рагIиялдалъун мурад буго гьел Къуръаналда иман лъеялда ва аварагасда ﷺ нахърилъиялда гьесизе гьари. Гьаб магIнаялда ругел цогиги аятал руго Къуръаналда жанир.

**45. Дуца гьикъе МухIаммад ﷺ, дудаса цере ритIарал расулазул цониги расул вугодай абун цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гурони цоги щиб бугониги жоялъе гIибадат гьабиялда умматал ахIизе жал ритIарал абун.**

وَسۡـَٔلۡ مَنۡ أَرۡسَلۡنَا مِن قَبۡلِكَ مِن رُّسُلِنَآ أَجَعَلۡنَا مِن دُونِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ءَالِهَةٗ يُعۡبَدُونَ ﴿٤٥﴾

Гьаб аяталъ баян гьабулеб буго кинабго заманаялъ киналго аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ цохIо диналдалъун ритIарал рукIин. Гьеб динги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабилъун бугеб исламияб дин буго. Гьел киналго аварагзабазе عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ къварилъи гьабуна, гьел гьересиги гьаруна. Дуеги гьебго хIукму буго МухIаммад ﷺ! Дуца сабро гьабе дуда щолеб къварилъиялда ва дуца дуда тIаде къараб рисалатги умматалъухъе щвезе гьабе!.

**46. ХIакълъунго Дица Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ витIана Дир хIужжабаздалъун ва баянал мугIжизаталгун пиргIавнида ва гьесул къавмалда.**

وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَآ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ وَمَلَإِيْهِۦ فَقَالَ إِنِّي رَسُولُ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٤٦﴾

**Гьев Мусаца абуна: «Дун вуго кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун**

**вугев Аллагьасул ﷻ расул»-абун.**

**47. Гьев Муса ﷺдир хIужжабигун вачIараб мехалъ пиргIавнги гьесул къавмги Мусаде тIад релъанхъулел рукIана.** فَلَمَّا جَآءَهُم بِـَٔايَٰتِنَآ إِذَا هُم مِّنۡهَا يَضۡحَكُونَ ﴿٤٧﴾

Жидеда гьеб хIакъаб хIужжа букIин лъаниги пиргIавн ва гьесул агьло релъанхъулел рукIана жидеда нахъ ругел КъибтIиязда ракIалда ккезе гьев Муса пиргIавница жолъунго гьавулев гьечIин абун.

**48. Дица гьезда цониги мугIжизат бихьизе гьабичIо, хадуб бачIулеб мугIжизат цебе аралдаса кIудияб букIун гурого.** وَمَا نُرِيهِم مِّنۡ ءَايَةٍ إِلَّا هِيَ أَكۡبَرُ مِنۡ أُخۡتِهَاۖ وَأَخَذۡنَٰهُم بِٱلۡعَذَابِ لَعَلَّهُمۡ يَرۡجِعُونَ ﴿٤٨﴾

ТIупан тIун цIад базе гьабуна. Къоркъал, нацIцI, гарцI тIад биччана. **Гьез иман лъечIеб мехалъ Дица гьезие батIи-батIияб гIазаб гьабуна гьел жидер купру-ширкалдаса руссине бокьун.**

**49. Гьезда тIаде гIазаб бачIараб мехалъ гьез абуна: «Я гьав сихIрочи! Дуца ахIе дурго Аллагьасда ﷻ нижедаса гьаб гIазаб нахъе босе абун, гьес дуе къотIи гьабун бугелъул дур дугIаялъе жаваб гьабилин абун. Гьаб гIазаб нижедаса борхани хIакълъунго ниж дуда нахърилълъине ругин»-абун.** وَقَالُواْ يَـٰٓأَيُّهَ ٱلسَّاحِرُ ٱدۡعُ لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِندَكَ إِنَّنَا لَمُهۡتَدُونَ ﴿٤٩﴾

**50. Дица гьездаса гIазаб борхараб мехалъ гьел цIидасан жидерго купру-ширкалде унел рукIана.** فَلَمَّا كَشَفۡنَا عَنۡهُمُ ٱلۡعَذَابَ إِذَا هُمۡ يَنكُثُونَ ﴿٥٠﴾

**51. ПиргIавница жиндир къавмалда ахIана: «Я дир къавм! Гьаб Мисриялъул ханлъи дие гьечIищ? Гьал гIоралги дир гьечIищ дир кIалгIабазда гъоркьан хьвадулел ругел?. Нужеда гьаб дир ханлъиялъул гуч бихьулеб гьечIищ?** وَنَادَىٰ فِرۡعَوۡنُ فِي قَوۡمِهِۦ قَالَ يَٰقَوۡمِ أَلَيۡسَ لِي مُلۡكُ مِصۡرَ وَهَٰذِهِ ٱلۡأَنۡهَٰرُ تَجۡرِي مِن تَحۡتِيٓۚ أَفَلَا تُبۡصِرُونَ ﴿٥١﴾

Нужеца гьелъул пикру кин гьабулареб? Щибго жо кодоб гьечIев гьав Муса дида данде къацандун бергьиниш!

**52. Дун гIемерго лъикIав вуго нуж дида мутIигIлъизе ва дие лагълъи гьабизе гьав гIодовегIанав Мусадаса.** أَمۡ أَنَا۠ خَيۡرٞ مِّنۡ هَٰذَا ٱلَّذِي هُوَ مَهِينٞ وَلَا يَكَادُ يُبِينُ ﴿٥٢﴾

Жиндир боцIи-мал гьечIев, тухум-кьибилги гьечIев, жиндихъе ханлъиги гьечIев. **Гьелде тIадеги гьав берцинго кIалъазе кIолоревги вуго.** Гьадинав чи расул лъунищ вукIунев?.

Гъаб кинабго жо пиргIавница бицунеб букIана Мусада хадур гIадамал иналда хIинкъун, гьев щибго гьунар гьечIев чилъун вихьизавизе бокьун. Хадубги пиргIавница абуна:

فَلَوْلَآ أُلْقِىَ عَلَيْهِ أَسْوِرَةٌ مِّن ذَهَبٍ أَوْ جَآءَ مَعَهُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ مُقْتَرِنِينَ ﴿٥٣﴾

**53. «Гьев расул вукIин лъазе гьесда тIаде меседил курхьиналгIаги реххун рукIаралани Аллагьас ﷻ. Яги гьев ритIухъ гьавизе гьесда цадахъ малаикзаби рачIун рукIаралани, гьесда сверун лъугьун гьесие хъулухъ гьабизе»-абун.**

فَٱسْتَخَفَّ قَوْمَهُۥ فَأَطَاعُوهُ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ قَوْمًا فَٰسِقِينَ ﴿٥٤﴾

**54. Гьаб хабарги бицун пиргIавница жиндир къавмалъул гIакъло ине гьабуна.** Гьел ургъизе, пикру гьабизе течIо. Гьедингоги жагьилаб, ахIмакъаб къавм букIана гьеб: пиргIавн жидер алагь вуго абун гьесие лагълъи гьабулеб. **Ва Гьеб къавм пиргIание мутIигIлъана. Гьел рукIана Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабулареб, гьев жидер БетIергьан вукIин лъалареб пасикъаб къавм.**

فَلَمَّآ ءَاسَفُونَا ٱنتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَأَغْرَقْنَٰهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٥٥﴾

**55. Гьеб пиргIавнил къавмалъ иман лъечIеб мехалъ, Дир аварагасе мутIигIлъичIого жидеца Дир ццимги бахъине гьабураб мехалъ, дица гьездаса ццим босана ва гьезие гучаб гIазаб гьабуна. Ва Дица гьел киналгоги ралъдалъ гъанкъизе гьаруна.**

فَجَعَلْنَٰهُمْ سَلَفًا وَمَثَلًا لِّلْءَاخِرِينَ ﴿٥٦﴾

**56. Дица пиргIавнил къавм гьабуна хадусел умматазул капурал гIадамазе жидеца гьел жужахIалъур рачине, гьезул ццерехъабилъун. Жидеца иман лъурал къавмазе вагIза-насихIатлъунги гьабуна.**

۞ وَلَمَّا ضُرِبَ ٱبْنُ مَرْيَمَ مَثَلًا إِذَا قَوْمُكَ مِنْهُ يَصِدُّونَ ﴿٥٧﴾

**57. Марьямил вас ГIиса аварагасул** عليه السلام **мисал Къуръаналда жаниб рехсараб мехалъ гьесиеги жиндир къавмалъ лагълъи гьабуна абун, гьеб дур къавм роххун, гьаракь борхун лъугьунел руго.**

Жидеца гьабулеб ширк цогидазги гьабун буго, гьеб кIудияб мунагь-хIакъ гьечIо абун ракIалда кколеб буго гьезда.

Гьаб аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас: «Нужги, нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги жужахI боркьунеб гамачI буго»-абун абураб аят цIалараб мехалъ Ибну ЗибагIри абулев мушрикас абуна: «Гьаб аят нижее ва нижер

алагьзабазейищ бугеб яги киналго уммутазейищ бугеб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб нужееги, нужер алагьзабазеги, киналго умматазеги буго»-абун. Ибну ЗибагIрица абуна: «Гьаб кагIба рукъалъул БетIергьанасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун, мун дица къезе гьавула гьаб дагIбаялъулъ! Насранияца ГIиса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَام лагълъи гьабуна гурищ? Ягьудияз ГIузайрие лагълъи гьабуна гурищ? БанумулахI абулел гIадамаз малаикзабазе лагълъи гьабуна гурищ! Гьел киналго жужахIалда рукIине ратани нижги рази руго гьелгун цадахъ гьенир рукIине»-абун.

Цинги авараг вуцIцIун чIана Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ вахIю бачIиналда валагьун. Гьел мушриказда ракIалда ккана Ибну ЗибагIрица авараг къезе гьавунин абун ва гьел кеп щун релъанхъана, ва гьезул роххун гьаракь-хъуй борхана. Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рештIине гьабуна: «Дир рахъалъан жидее лъикIлъи къотIи гьабурал гIадамал гьеб жужахIалдаса рикIкIад гьарурал руго»-абун. Ай: ГIиса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَام, ГIузайрие ва малаикзабазе цо къавмалъ лагълъи гьаби гьезул гIайиб гьечIо, гьезие гьелъул щибго заралги гьечIо. Гьез амро гьабун гьечIо дол гIадамазда жидее лагълъи гьабе абун. Гьедин бугелъул гьазда жужахIалъул гIазаб щвезе гьечIо.

**58. Гьел мушрикаца абуна: «Нижер алагьзабиийищ лъикIал ругел яги ГIисайищ лъикIав вугев? абун.**

وَقَالُوٓاْ ءَأَٰلِهَتُنَا خَيۡرٌ أَمۡ هُوَۚ مَا ضَرَبُوهُ لَكَ إِلَّا جَدَلَۢاۚ بَلۡ هُمۡ قَوۡمٌ خَصِمُونَ ٥٨

Гьев ГIиса жужахIалда вукIине ватани нижги, нижер алагьзабиги рукIине бегьила гьеб жужахIалда абураб магIна. **Гьаб рагIи гьез абулеб гьечIо мун махсароде гьавун, дуда къецандулеллъун рукIун гурого. Гьел битIараб жо къваригIарал гьечIо. Гьел руго дагIба гьабизе къваригIарал гIадамал.** Гьезие щибго батIалъи гьечIо гьереси бицун бергьаниги, битIараб бицун бергьаниги жидер дагIбадуласдаса бергьин гуреб.

**59. Гьев ГIисаги гьечIо Дица жиндие нигIмат кьурав Дир лагъ гурони.** Гьев алагь гьечIо, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ васги гьечIо.

إِنۡ هُوَ إِلَّا عَبۡدٌ أَنۡعَمۡنَا عَلَيۡهِ وَجَعَلۡنَٰهُ مَثَلٗا لِّبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٥٩

Гьев вуго Дир лагъ ва расул. **Дица гьев гьавуна Бануисраилазе мисаллъун ва гIаламатлъун, жинца Дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулев.** Дица гьев вижана эменги гьечIого.

**60. Дие бокьун букIарабани Дица нужер бакIалда гьаб ракьалда тIад малаикзаби гьарилаан, нужги нахъе**

وَلَوۡ نَشَآءُ لَجَعَلۡنَا مِنكُم مَّلَٰٓئِكَةٗ فِي ٱلۡأَرۡضِ يَخۡلُفُونَ ٦٠

**рачун жал халипалъун рукIунел.**

**61. Гьев ГIиса авараг ﷺ Дица гьавизе вуго къиямасеб къо гIагарлъиялъе гIаламатлъун.** وَإِنَّهُۥ لَعِلْمٌ لِّلسَّاعَةِ فَلَا تَمْتَرُنَّ بِهَا وَٱتَّبِعُونِ ۚ هَٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ﴿٦١﴾

Гьев зодиса рештIине вуго къиямасеб къо чIезе дагьабго заман хутIидал. **Нуж гьеб къиямасеб къоялъул амруялъулъ щакдаруге!** Гьеб жиб бачIин хIакъаб къо буго. **Дуца абе МухIаммад ﷺ : «Нуж дида нахърилълъа! Гьаб Дица нуж жинда ахIулеб жо хIакъаб дин буго ва битIараб исламияб нухги буго.**

**62. Кидаго нуж щайтIаналъе гуккизе чIоге ва гьелъ хIакъаб диналдаса руссине гьариялдасан цIуне.** وَلَا يَصُدَّنَّكُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ ۖ إِنَّهُۥ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ﴿٦٢﴾

**ХIакълъунго гьеб щайтIан буго нужер баянаб ва загьираб тущман»-абун.** Гьелъ рахъизе гьаруна нужер умумул Адамги ХIаваги алжаналдаса къватIире.

**63. Жиндир къавмалъухъе ГIиса авараг ﷺ вачIараб мехалъ баянал хIужжабигун: мугIжизаталгун ва шаргIиял хIукмабигун. ГIисаца абуна: «ХIакълъунго дун нужехъе вачIун вуго Аллагьасул ﷻ рахъалъан расуллъун ва нуж битIараб диналда тIоритIулеб гIелмугун.** وَلَمَّا جَآءَ عِيسَىٰ بِٱلْبَيِّنَٰتِ قَالَ قَدْ جِئْتُكُم بِٱلْحِكْمَةِ وَلِأُبَيِّنَ لَكُم بَعْضَ ٱلَّذِى تَخْتَلِفُونَ فِيهِ ۖ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿٦٣﴾

**Нуж жиндилъ хилиплъарал цо-цо масъалаби нужее баян гьаризеги.** Аварагзабаца ﷺ диниял масъалаби баян гьарула, дунялалъул амру кинабго гьез баян гьабуларо жинда хIажатаб, жо гурони. **Нуж Аллагьасда ﷻ гIасилъизе хIинкъа ва дие мутIигIлъе»-абун.**

**64. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго дирги нужерги** ва кинабго гIаламалъул **БетIергьан. Нужеца гьев Аллагьасе ﷻ гьабе гIибадат.** إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ رَبِّى وَرَبُّكُمْ فَٱعْبُدُوهُ ۚ هَٰذَا صِرَٰطٌ مُّسْتَقِيمٌ ﴿٦٤﴾

**Гьаб Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби буго битIараб нух ва хIакъаб дин. Гьаб дин буго Аллагь ﷻ жинда разияб, жиб гьабурасе алжанал щолеб.**

**65. Гьел Насраниял ГIисал хIакъалъулъ чанго къукъаялде рикьана.** فَٱخْتَلَفَ ٱلْأَحْزَابُ مِنۢ بَيْنِهِمْ ۖ فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ مِنْ عَذَابِ يَوْمٍ أَلِيمٍ ﴿٦٥﴾

Цо къукъа буго гьев «Аллагьасул ﷻ лагъ ва гьесул расул» вуго абулеб. Гьаб къукъа буго хIакъаб диналда бугеб. Цо къукъаялъ гьев Аллагь

جَلَّجَلَالُهُ вуго абуна, цогияз Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ вас вуго абуна. Аллагь ТIадегIанав вуго гьел мушрикаца абулеб рагIиялдаса. **Квешаб жужахIалъул гIазаб букIине буго къиямасеб къоялъ купруширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулел гIадамазе.**

هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا ٱلسَّاعَةَ أَن تَأْتِيَهُم بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٦٦﴾

**66. Гьел Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал гIадамазе къиямасеб къо бачIин гуреб хутIараб жо гьечIо. Гьеб жидее бачIине буго тохлъукьего, бищунго жал гьеб бачIиналда балагьун гьечIеб гIужалъ жидеда гьеб бачIунеблъиги лъазе гьечIо.**

ٱلْأَخِلَّآءُ يَوْمَئِذٍۭ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ إِلَّا ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٦٧﴾

**67. Гьеб къиямасеб къоялъ дунялалда бищунго цоцазе рокьарал гьудулзабилъун рукIарал гIадамал цоцазе тущбабилъун рукIула. ЦохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло цоцазе рокьарал Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарал муъминзаби рукIуна гьеб къоялъ цоцазе гьудулзаби.**

يَٰعِبَادِ لَا خَوْفٌ عَلَيْكُمُ ٱلْيَوْمَ وَلَآ أَنتُمْ تَحْزَنُونَ ﴿٦٨﴾

68. Гьел муъминзабазда абула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ: **«Я дир лагъзал! Жакъа нужее щибго хIинкъи гьечIо ва нужее тIокIаб хадуб пашманлъиги букIине гьечIо»-абун.**

Дунял теялда пашманлъизе гьечIо нуж, гьениб нужее щвечIого хутIараб жоялдаги пашманлъизе гьечIо.

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَكَانُوا۟ مُسْلِمِينَ ﴿٦٩﴾

**69. Гьел руго жидеца Дир Къуръаналда иман лъурал ва жал Дие тIубанго мутIигIлъун рукIарал гIадамал.** Гьезда абула:

ٱدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ أَنتُمْ وَأَزْوَٰجُكُمْ تُحْبَرُونَ ﴿٧٠﴾

**70. Нуж алжаназда жанире лъугьа нужер руччабигун цадахъ цIакъ роххараллъун ва нужее нигIматал кьурал лъун.**

يُطَافُ عَلَيْهِم بِصِحَافٍ مِّن ذَهَبٍ وَأَكْوَابٍ وَفِيهَا مَا تَشْتَهِيهِ ٱلْأَنفُسُ وَتَلَذُّ ٱلْأَعْيُنُ وَأَنتُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٧١﴾

**71. Гьезда тIаде алжаналъул гьилманал (хъулухъалъе ругел лъимал) хьвадула меседил тепсиги налбекIалги росун** (поднос ва бакалал). Щиб жо бокьаниги гьеб гьекъолеб жо жидее кьола. **Гьел алжаназда жаниб напсалъе бокьарабщинаб жо буго, гьезул бер боххулебщинаб жоги буго. Нуж гьал алжаназа жанир даимго рукIине руго.**

Гьаб буго бищунго кIудияб рохел! Инсан ругьунав вуго цин кодоб щун цинги кодосан ун букIулеб дунялалъул ризкъиялда. Абадияб, даимаб

ризкъи ва нигIмат ахираталда муъминзабазе къотIи гьабураб рохел буго.

وَتِلْكَ ٱلْجَنَّةُ ٱلَّتِيٓ أُورِثْتُمُوهَا بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۝٧٢

**72. Гьал алжанал руго Аллагьас** ﷻ **нужее ирсалъе кьурал, нужеца дунялалда** дагьабго заманаялъ **Аллагьасда** ﷻ **иман лъун лъикIаб гIамал гьабиялда данде жазаълъун.**

لَكُمْ فِيهَا فَٰكِهَةٌ كَثِيرَةٌ مِّنْهَا تَأْكُلُونَ ۝٧٣

**73. Нужее гьениб жаниб гIемер батIи-батIияб пихъги буго.**

**Нужеца гьелдаса бокьараб жо кваназе** алжаналъул гъутIби кидаго жидеда тIад барщараб пихъ бугел рукIула, гьелдаса пихъ тIурабго гьеб бакIалда цоги пихъ бижула. Гьединал руго алжаналъул цогидал нигIматалги: жидее нукъсанлъи гьечIел, жидее хис-бас гьеч1ел, жидер тIагIам-лазат холарел.

إِنَّ ٱلْمُجْرِمِينَ فِي عَذَابِ جَهَنَّمَ خَٰلِدُونَ ۝٧٤

**74. Х1акълъунго жидеца мунагьал гьарурал капурзаби даимго жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго.**

لَا يُفَتَّرُ عَنْهُمْ وَهُمْ فِيهِ مُبْلِسُونَ ۝٧٥

**75. Жидедаса гIазаб бигьа гьабуларо цохIо лахIзаталъ ва гьел тIобанго хьул къотIарал рукIуна кинабгIаги цIоб рахIмоялдаса.**

وَمَا ظَلَمْنَٰهُمْ وَلَٰكِن كَانُوا۟ هُمُ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝٧٦

**76. Дица гьезие щибго зулму гьабичIо, кинниги гьел гIадамал рукIана жидеца напсазе зулму гьабурал гьаб гIазаб жидее хIакълъулеб гIамал жидеца гьабиялдалъун.**

وَنَادَوْا۟ يَٰمَٰلِكُ لِيَقْضِ عَلَيْنَا رَبُّكَ ۖ قَالَ إِنَّكُم مَّٰكِثُونَ ۝٧٧

**77. Гьез жужахIалъул г1адло гьабулев-жинда Мáлик ц1ар бугев малаикасда абула: Я Мáлик, дуца Аллагьасда** ﷻ **абе: «Нижер рухIал росун ниж хвезе гьаре. Нижедаса гьаб гIазаб тIаса ун, ниж хIалхьизе»-абун.**

Ибну Г1аббасица абуна: гьезие жаваб гьабулин жидеца ахIаралдаса азарго сон гIанасеб заман гьоркьоб араб мехалъ, **ва гьев Мáликас абула: «Х1акълъунго Нуж даимго гьеб гIазабалъулъ рукIине руго»-абун.**

Хадубги гьезда Аллагьасул ﷻ рахъалъан абула:

لَقَدْ جِئْنَٰكُم بِٱلْحَقِّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَكُمْ لِلْحَقِّ كَٰرِهُونَ ۝٧٨

**78. Х1акълъунго Дица нужехъе хIакъаб дин щвезе гьабуна. Аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **ритIун, тIахьалги рештIине гьарун, амма нужер**

**гIемерисел гьеб хIакъаб жо къваригIинчIел, гьеб рихарал рукIана.** Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялъ нужерго гьава-напсалъе бокьараб цо-цо жо тезе гьабулеб букIана, амма нужеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялдаса нужерго напсазе бокьараб жо тIаса бищана. Гьелда рекъараб жазаъ буго жакъа нужее бугеб гIазабги.

أَمۡ أَبۡرَمُوٓاْ أَمۡرٗا فَإِنَّا مُبۡرِمُونَ ٧٩

**79. Маккаялъул мушрикаца Дир авараг** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **чIвазе абун хIукмуйищха гьабун бугеб? Х1акълъунго Дицаги буго хIукму гьабун Дир авараг хвасар гьавизе** ва гьеб Дир хIукму жиб тIубалеб буго, мушриказул хIукмуги жиб гIадада холеб буго.

Гьаб аят рештIине гьабуна Къурайшазул церехъаби жидер «дару надват» абулеб рукъор данде руссун жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIвазе хIукму гьабураб мехалъ. ЩайтIаналъул гIакълоги къабул гьабун Абужагьлица хIукму гьабуна щибаб кьибилалъул цо-цо гIолохъанчи витIизе авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ чIвазе ва гьездаса рецIел босизе аварагасул гIагарал чагIазе кIвечIого букIине. Киналго тIаде кIанцIун гьев чIвараб мехалъ гьесул би (къисас) киназдаго бикьулеб букIана ва гьел дият (гIакIа) кьун рорчIизе кколел рукIана. Къурайшазул гьаб макроги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ хвезе гьабуна. Авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ хвасар гьавун гьел инжитги гьаруна.

أَمۡ يَحۡسَبُونَ أَنَّا لَا نَسۡمَعُ سِرَّهُمۡ وَنَجۡوَىٰهُمۚ بَلَىٰ وَرُسُلُنَا لَدَيۡهِمۡ يَكۡتُبُونَ ٨٠

**80. Гьезда ракIалдайищ кколеб бугеб х1акълъунго Дида гьез балъго бицараб ва шурун бицараб жо ргIуларин абун. Гьедин гьеч1о амру, РагIула Дида гьез бицараб жо ва Дир чапарзаби руго гьезул кинабго рагIи ва гIамал жидеца хъвалел.**

قُلۡ إِن كَانَ لِلرَّحۡمَٰنِ وَلَدٞ فَأَنَا۠ أَوَّلُ ٱلۡعَٰبِدِينَ ٨١

**81. Дуца гьезда абе МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**: «Гьев БетIергьан Аллагьасул лъимер букIин хIакълъун букIарабани тIоцебе дица гьабилаан гьеб лъимералъе лагълъи»-абун.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лъимер букIунареблъи хIакъаб жо буго. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лъимер-хъизан бук1унгут1и ц1акъго мух1канаб жо бугелъул, гьеб хъизан бук1ин рик1к1ад гьабун абураб раг1и буго: «Дица гьеб лъимералъе лагълъи гьабилаан»-абураб раг1и.

سُبۡحَٰنَ رَبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ رَبِّ ٱلۡعَرۡشِ عَمَّا يَصِفُونَ ٨٢

**82. Жив ТIадегIанав ва жив ВацIцIадав вуго БетIергьан Аллагь, зобалазулги ракьалъулги БетIергьанав, кIудияб гIаршалъулги БетIергьанав Аллагь гьел**

**мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса.**

فَذَرْهُمْ يَخُوضُوا۟ وَيَلْعَبُوا۟ حَتَّىٰ يُلَٰقُوا۟ يَوْمَهُمُ ٱلَّذِى يُوعَدُونَ ﴿٨٣﴾

**83. Дуца Маккаялъул мушрикал те МухIаммад ﷺ жидерго ахIмакъаб ишалда: хъанчие лагълъи гьабун гIададисеб махсаро хвечI гьабун, жидее къотIи гьабураб къиямасеб къо тIаде бачIинегIан.**

Гьеб къоялъ лъазе буго гьезда кинаб гIазаб жидеда щолеблъи ва щиб хIал жидер букIунебги.

وَهُوَ ٱلَّذِى فِى ٱلسَّمَآءِ إِلَٰهٌ وَفِى ٱلْأَرْضِ إِلَٰهٌ ۚ وَهُوَ ٱلْحَكِيمُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٨٤﴾

**84. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, жив зобалазда ругезулги Аллагьлъун جَلَّجَلَالُهُ вугев, ракьалда ругезулги Аллагьлъун جَلَّجَلَالُهُ вугев.**

**Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир тадбир хIакимияв, жинда кинабго жоялъул маслахIат лъалев.**

وَتَبَارَكَ ٱلَّذِى لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَعِندَهُۥ عِلْمُ ٱلسَّاعَةِ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٨٥﴾

**85. Жив вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго зобал ракьалъул ханлъи жиндие бугев, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб жоялъулги ханлъи жиндие бугев, жиндие къиямасеб къо кидал бачIунеблъиги лъалев БетIергьан Аллагь.**

**Гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ буго ахираталда нуж киназулго руссинги.** Жидер г1амалазул хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе.

وَلَا يَمْلِكُ ٱلَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِهِ ٱلشَّفَٰعَةَ إِلَّا مَن شَهِدَ بِٱلْحَقِّ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٨٦﴾

**86. Гьев Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабазда кIоларо жидеца шапагIат гьабизе. Жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие хIакъаб нугIлъи гьабурал ва жидедаги лъалел гьеб нуг1лъиялъул х1акъ. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидеца шапагIат гьабизе изнуги кьурал гIадамазда кIола шапагIат гьабизе.**

ГIалимзабаца абуна: «Гьаб рагIиялъул магIна буго: «Мушрикаца ГIиса аварагасе عَلَيْهِ السَّلَامُ, ГIузайрие ва Малаикзабазе лагълъи гьабуниги гьел руго жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие хIакъаб гIибадат гьабурал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагъзал. Гьезда кIола жидеца шапагIат гьабизе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ изнуялдалъун»-абун.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَهُمْ لَيَقُولُنَّ ٱللَّهُ ۖ فَأَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ﴿٨٧﴾

**87. Дуца гьел мушриказда гьикъани МухIаммад ﷺ: «Нуж лъица рижарал?»-абун. Гьез чара гьеч1ого**

**абизе буго: «Ниж Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рижана»-абун. Гьал киреха унел ругел Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъиги гьабичIого хъанчазе лагълъи гьабизе?**

Гьаб гьечIищха цIакъго ахIмакъаб иш? Жал рижарав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIин лъалаги букIаго гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабунгутIи ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьабуге абураб хъанчазе лагълъи гьаби!

**88. Нужеда витIарав расулас абураб рагIи: «Я дир БетIергьан! Гьаб къавм буго жидеца иман лъолареб къавм»-абун.**

وَقِيلِهِۦ يَٰرَبِّ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ قَوۡمٞ لَّا يُؤۡمِنُونَ ﴿٨٨﴾

Гьаб рагIи буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ зигари гьабун абураб рагIи. Гьалъие жаваб гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**89. Мун гьездаса вусса МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ! Гьез дуе гьабуралда рельлъараб квешлъи гьезие гьабуге.**

فَٱصۡفَحۡ عَنۡهُمۡ وَقُلۡ سَلَٰمٞۚ فَسَوۡفَ يَعۡلَمُونَ ﴿٨٩﴾

**Дуца гьезда абе: «Нужее саламатлъи буго дидаса»-абун. Жидеда нахъа лъазе буго жидер гIамалалъе кинаб жазаъ гьабулеблъи!**

Гьаб рагIи буго гьел мушриказе хIинкъи кьей ва хирияв расуласул ракI парахат гьабиги. Гьел мушриказе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIазаб гьабизе буго дунялалдаго гьабуниги, ахираталда гьабуниги .

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Ззухруфалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 44. Сурату Ддухан

سُورَةُ الدُّخَانِ

*Сураталда жаниб исламалъул аслабилъун ругел: ТавхIид (Аллагь цо гьави), рисалат ва ахираталда тIаде рахъине гьариялъул бицен гьабун буго.*

*Хирияб Къуръаналъул, ва гьеб ЛавхIул махIфузалдасан дунялалъул зодибе рештIине гьабураб «Лайлатул къадри» абураб сордоялъул хиралъи баян гьабун буго. КигIанго гьаб хирияб Къуръан жиндир хIукму баянаб, жиндир магIна загьираб бугониги. Гьеб Къуръаналде щакдарулел мушриказул хIал бицун буго Ахираталда гьезие букIунеб гучаб гIазабги баян гьабун буго. Хадуб пиргIавнил къавм гьалаг гьабиялъул ва гьез нахъе тарал асаразул бицун буго: ЧIухIарал кIалгIаби, бечедал ахал-хурал, рорхатал ва гучал сиял (пирамиди) тана пиргIавнил къавмалъ хадусел умматазе. Гьеб кинабго ракьги, бечелъиги Бануисраилазе ирсалъе кьун букIана, амма гьелги Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *гIасилъана, аварагасда* ﷺ *нахърилълъинчIо ва гьезда тIадги чанго батIияб къварилъи биччана Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ .

*Къурайшазул мушриказ аварагас* ﷺ *гьереси гьави, ахираталда иман лъунгутIи бицун хадуб баян гьабулеб буго ТIадегIанав Аллагьасе гьел гьалаг гьари захIматаб амро гьечIеблъи ва цересел умматазде щвараб гIазаб гьездаги щвезе бегьулеблъи.*

*Сураталъул ахиралдаги муъминзабиги капурзабиги ахираталда руссунеб бакI баян гьабун буго: гьелдалъун муъминзабазе роххел бицун ва капурзабазе хIинкъи кьун.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго «КIкIуялъул бицунеб сурат»-абун, гьалда жаниб Маккаялъул мушрикал хIинкъине гьаризе сабаблъун ва хирияв аварагасе* ﷺ *мугIжизатлъун Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *загьир гьабун букIараб кIкIуялъул бицун букIиналъ. Гьезда тIаде ракъиги, бакъ байги биччан хадуб гьеб кIкIуйги биччан гьел гьалаг гьариялда гIагарун рукIана, кинниги Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *Къурайшиял гьеб гIазабалдаса хвасар гьаруна аварагасул* ﷺ *дугIаялъул баракаталдалъун.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. ХIа. Мим.** حمٓ ١

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарпалдалъун жиндир щиб мурад бугеблъи.

**2. Дун гьедулев вуго жиб баянаб, жиндир хIукму загьираб,** وَٱلۡكِتَٰبِ ٱلۡمُبِينِ ٢

жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб, жиб мугIжизатлъун букIин хIакъаб **Къуръаналдалъун.**

**3. Х1акълъунго Дица гьаб хирияб Къуръан рештIине гьабуна жиндилъ баракат бугеб сордоялъ.** إِنَّآ أَنزَلۡنَٰهُ فِي لَيۡلَةٖ مُّبَٰرَكَةٍۚ إِنَّا كُنَّا مُنذِرِينَ ٣

Гьеб буго рамазан моцIалда жаниб бугеб «Лайлатул къадри» абулеб сордо. Гьеб баракат бугеб букIиналъул гIаламат буго гьеб сордоялъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазул дугIа къабул гьабулеб букIин, гьезул тавбо къабул гьабун, гьезда баракат ва нигIматал рештIунел рукIин. Гьаб Къуръан жиндилъ рештIине гьабураб сордо букIинги буго гьеб сордо баракат бугеб букIиналъе гIаламат. ЛавхIул махIфузалдаса гьеб сордоялъ дунялалъул зодибе рештIине гьабуна гьаб Къуръан, цинги жинда салам лъеяв Жабраил малаик хьвадана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе щибаб хIажалъи бихьун гьаб Къуръаналъул суратал ва аятал росун.

Цо гIалимзабаца абуна: Аварагасде ﷺ Къуръан рештIине гьаби гьеб «Лайлатул къадриялъул» сордоялъ бай бихьана абун. **ХIакълъунго Дица Дир лагъзадерие хIинкъи кьола, гьезухъе авараг витIун, гьезде тIехь рештIине гьабун.** Ахират букIин бицуна, гьениб хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе букIинги бицуна. Гьел гIадамаз иман лъезе бокьун ва лъикIаб гIамал гьабун ахираталда жидее алжанал щолеллъун рукIинеги бокьун. Жидеца иман лъечIел гIадамазе хIужа-далилллъунги букIине. Ахираталда гьезие гIазаб гьабулеб мехалъ гьезул щибго гIайиб чIвазе ва рагIи абизе рес гьечIого букIине.

**4. Гьеб «Лайлатул къадроялъул сордоялъ» баян гьабула ва ЛавхIул-махIфузалдаса босун малаикзабазухъе кьола цо лъагIалида жаниб букIунеб кинабго амро ва хIукму-къадар.** فِيهَا يُفۡرَقُ كُلُّ أَمۡرٍ حَكِيمٍ ٤

Инсанасе бугеб ризкъи бугониги, гьесие букIунеб къварилъи, гIатIилъи бугониги, хвел ва чIаголъи бугониги гьеб кинабго жо баян гьабула гьеб

сордоялъ.

**5. Гьеб букIуна Дир рахъалъан бугеб амролъун ва хIукмолъун.** أَمْرًا مِّنْ عِندِنَآ ۚ إِنَّا كُنَّا مُرْسِلِينَ ﴿٥﴾

Дица лъазе гьабун гурони малаикзабазда гьеб кинабго жо лъаларо. **ХIакълъунго Дица ритIула умматазухъе аварагзабиги** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ. Гьезухъе исламияб дин босун ва гьезие шаргIиял ахIкамал баян гьаризе, гьел хIакъаб диналда ва битIараб нухалда тIоритIине.

**6. Гьал аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **ритIин, ва умматазда хIакъаб дин лъазе гьаби дур БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIмат буго.** رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٦﴾

**ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва жинца гьабулеб хIукму-къадаралъулъ жинда кинабго жо лъалев.** Жиндир лагъзадерие маслахIат бугеб хIукму гьабулев ХIакимияв вуго.

**7. Зобалазулги ракьалъулги ва гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб махлукъалъул БетIергьан вуго Аллагь.** رَبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَآ ۖ إِن كُنتُم مُّوقِنِينَ ﴿٧﴾

**Нуж жо бичIчIулел ва лъалел гIадамал ратани нужеца гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гьабе лагълъи.**

**8. Жив гурев цоги Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **гьечIевги вуго. Жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Нужер БетIергьан вуго гьев Аллагь, ва нужер цересел умумузул БетIергьанги вуго.** لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ يُحْىِۦ وَيُمِيتُ ۖ رَبُّكُمْ وَرَبُّ ءَابَآئِكُمُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٨﴾

**9. Кинниги гьел мушрикал жидер щаклъиялда жанир руго.** Къиямасеб къо бач1иялда гьаб Къуръан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам бук1иналда. بَلْ هُمْ فِى شَكٍّ يَلْعَبُونَ ﴿٩﴾

**Жидеда хIакъаб ва батIулаб жо батIа гьабизе лъаларел руго.** ГIисинал лъималгIадин махсаро-хочIалда жанир руго. Гьеб буго цIакъ кIудияб ахIмакълъи. Гьедин бугелъул гьезие хIинкъи кьун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**10. Дуца хъаравуллъи ккве МухIаммад, гьеб къавмалда тIаде жиб бецIаб, биццатаб кIкIуй бачIунеб гIужалда.** فَٱرْتَقِبْ يَوْمَ تَأْتِى ٱلسَّمَآءُ بِدُخَانٍ مُّبِينٍ ﴿١٠﴾

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну МасгIудица абуна:

*«Къурайшиял Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда цIакъго данде чIараб мехалъ ва гьесие гIемер къварилъиги гьабураб мехалъ, аварагас*

*ﷺ Аллагьасда ﷻ гьарун дугIа гьабуна: «Я Дир Аллагь ﷻ! Дуца гьаб къавмалда (Музариязда) дур къуват-гуч бихьизе гьабе. Дуца гьезие ракъи бугел соналги рихьизе гьаре, Юсуп аварагасул عليه السلام заманалъ рукIарал гIадал»-абун. Цинги гьел Къурйшиязда тIаде бецIаб кIкIуйги бачIана цоцада аскIор ругел гIадамал цоцада рихьулареб хIалалъ»-абун.*

*Цогиги Ибну МасгIудица абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб щуго гIаламат цебехун ана»-абун ва гьел гIаламатазда гьоркьоб кIкIуйги рехсана.* Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица абуна: «Гьаб кIкIуй ракьалда тIаде рештIин къиямасеб къо гIагарлъиялъул гIаламат буго. Муъминчиясе гьеб кIкIуялъ мегIер бецIцIи гIадаб унти гьабула (простуда). Амма капурзабазул ва мунафикъзабазул бутIрул гьеб кIкIуялъ рухIун, чIурхIун рукIуна. Гьезул мегIер-кIалалдаса жаниб араб кIкIуй нахъасан къватIибе бачIула»-абун.

**11. Гьеб кIкIуялъ гIадамал рахчун рукIуна.** يَغْشَى ٱلنَّاسَ هَٰذَا عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١١﴾

Киналго Къурайшазда сверун лъугьун букIуна гьеб кIкIуй ва гьез абула: **«Гьаб жо цIакъ жинца унтизе гьабулеб гIазаб буго»-абун.**

**12. Гьел Къурайшаца Аллагьасда ﷻ ахIи бала: «Я нижер БетIергьан! Х1акълъунго Дуца нижедаса гьаб гIазаб босани нижеца иман лъезе буго»-абун.** رَّبَّنَا ٱكْشِفْ عَنَّا ٱلْعَذَابَ إِنَّا مُؤْمِنُونَ ﴿١٢﴾

Гьеб буго жидер гьересияб рагIи. Аллагьас ﷻ гьезул хIакъалъулъ абулеб буго:

**13. Кисан гьез иман лъелеб? Х1акълъунго гьезухье расул вачIун вукIана, Къуръанги рештIине гьабун букIана, гьедин бугониги жидеца иман лъечIо.** أَنَّىٰ لَهُمُ ٱلذِّكْرَىٰ وَقَدْ جَآءَهُمْ رَسُولٌ مُّبِينٌ ﴿١٣﴾

**14. Цинги жал гьев аварагасда иман лъеялдаса руссана ва гьез абуна: «Гьав чи вуго жинда жундуца Къуръан лъазе гьабурав г1адалав чи»-абун.** ثُمَّ تَوَلَّوْا عَنْهُ وَقَالُوا مُعَلَّمٌ مَّجْنُونٌ ﴿١٤﴾

Къурайшаца аварагасул ﷺ ва гьесда рештIине гьабураб Къуръаналъул хIакъалъулъ кIиго батIияб рагIи абуна: Цояз абуна: Гьесда Къуръан лъазе гьабулел гIадамал руго абун. Цогидаз абуна: Гьев вуго жундуца ккурав чи ва гьес цIалулеб Къуръанги гьесда жундуца

бицунеб хабар буго абун.

**15. Х1акълъунго Дица нужедаса дагьабго гIазаб тIасан босараб мехалъ нуж нужерго купру-ширкалда руссине руго.** إِنَّا كَاشِفُوا۟ ٱلْعَذَابِ قَلِيلًا ۚ إِنَّكُمْ عَآئِدُونَ ﴿١٥﴾

ХIакъикъаталдаги гьедин букIана. Къурайшаца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьарана Аллагьасда ﷻ дугIа гьабе абун жидедасан ракъи тIаса босе абун. Аварагас ﷺ дугIа гьабун Аллагьас ﷻ гьезие цIад базе гьабуна ва гьездасан гьеб ракъи тIаса босун хадубги гьел Къурайшал жидерго гIамалалда чIана.

**16. Дуца гьел Къурайшиязе рехсе МухIаммад, Дица гучаб гIазаб гьабулеб къо.** يَوْمَ نَبْطِشُ ٱلْبَطْشَةَ ٱلْكُبْرَىٰٓ إِنَّا مُنتَقِمُونَ ﴿١٦﴾

**Х1акълъунго гьеб къоялъ Дица ццим босизе буго Дида гIасилъарал, Дида инкар ккурал ва Дидахун ширк гьабурал гIадамаздаса.** Гьеб къоги къиямасеб къо буго. Дунялалдаго гьезие гучаб гIазаб гьабураб къо бадроялда рагъ ккараб къо букIана.

**17. Х1акълъунго Дица гьал Къурайшияздасан цереккун пиргIавнил къавмалъулги хIал бихьи гьабун букIана гьезухъе расулги витIун. Гьев вукIана хирияв Муса авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ.** ۞ وَلَقَدْ فَتَنَّا قَبْلَهُمْ قَوْمَ فِرْعَوْنَ وَجَآءَهُمْ رَسُولٌ كَرِيمٌ ﴿١٧﴾

**18.** Муса аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ ФиргIавнида абуна: **«Дуца дихъе кье дир къавм Бануисраилал ва дуца гьел лагълъиялдасаги, гьезие гьабулеб гIазабалдасаги хвасар гьаре»-абун.** أَنْ أَدُّوٓا۟ إِلَىَّ عِبَادَ ٱللَّهِ ۖ إِنِّى لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٨﴾

**Х1акълъунго дун вуго нужеде витIарав расул, дида божи гьабизе бегьулев, нужее лъикIаб насихIатги гьабулев.** Аллагьас ﷻ дида вахIю божизе гьабураб мехалъ дица бицараб жоялда нужги божизе кола» – абун.

**19. Ва нуж Аллагьасда ﷻ данде рахъунге, гьесдаса ТIадегIанлъун рукIунге.** Нуж Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе чIухIуге. وَأَن لَّا تَعْلُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ ۖ إِنِّىٓ ءَاتِيكُم بِسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ﴿١٩﴾

**Х1акълъунго дун нужехье вачIун вуго баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун.** ФиргIавнил къавмалъ Муса авараг

عَلَيْهِ السَّلَامُ чIвазе къасд гьабидал Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна:

**20. «Дица дирги нужерги БетIергьанлъун жив вугев Аллагьасдасан цIуни гьарулеб буго, нужеца дун ганчIал речIчIун чIваялалдасан.** وَإِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُمْ أَن تَرْجُمُونِ ﴿٢٠﴾

**21. Нужеца дида иман лъолеб батичIони ва нуж дида божулелги гьечIони нужеца дун живго те, дие къварилъи гьабуге.** وَإِن لَّمْ تُؤْمِنُوا لِي فَاعْتَزِلُونِ ﴿٢١﴾

Нужерги дирги амро Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ тIамун те, гьес хIакъаб хIукму гьабизе»-абун.

**22. Цинги Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ жиндир БетIергьанасда ахIи бана: «ХIакълъунго гьаб къавм буго цIакъ къосараб, жидер мунагьал гIемераб къавм»-абун.** فَدَعَا رَبَّهُ أَنَّ هَٰؤُلَاءِ قَوْمٌ مُّجْرِمُونَ ﴿٢٢﴾

Дуца гьезие гIазаб гьабе ва Бануисраилал хвасар гьаре!

23. ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ амро гьабуна: **«Мун дир лагъзал Бануисраилалги рачун сардилъ къватIиве а! Нужеда хадур рахъун ФиргIавнил къавмги бачIине буго» – абун.** فَأَسْرِ بِعِبَادِي لَيْلًا إِنَّكُم مُّتَّبَعُونَ ﴿٢٣﴾

Гьел нужеда хадур къватIире рахъин букIине буго гьел гьалаглъиялъе сабаблъун.

**24. Мун дур къавмгун цадахъ ралъдалъан къватIиве вахъараб мехалъ гьеб ралъад рагьун бугеб хIалалъ те! ХIакълъунго гьеб фиргIавнил гIаскар жиб гъанкъизе бугеб гIаскар буго»-абун** وَاتْرُكِ الْبَحْرَ رَهْوًا إِنَّهُمْ جُندٌ مُّغْرَقُونَ ﴿٢٤﴾

Гьаб аяталъе баян гьабун «тасгьил» абулеб тафсиралъулъ абуна: Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагасда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амро гьабун букIана ралъадалда гIанса кьабе абун гьеб ралъад бикьизе гьабизе. Ралъад бахун къватIиве вахъараб мехалъ Мусаца къасд гьабуна гьеб ралъадалда гIанса кьабун гьеб тIатIала биччазе. Цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесда абуна: «Кьабуге гIанса ралъадалда! Гьеб рагьун те, гьенир жанир гъанкъизе руго пиргIавнги гьесул къавмги»-абун. Бануисраилазул ахирав чи ралъдалъан къватIиве вахъинги, пиргIавнил боязул ахирав чи ралъдалъе лъугьинги цадахъ ккана, ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ралъад тIатIала биччан гьел гъанкъизе гьаруна. Гьалдасан хадуб бугеб хIал бицун ТIадегIанав

Аллагьас абулеб буго:

**25. Чам гIемералха гьеб пиргIавнил къавмалъ жалги гьалаглъун нахъе тарал берцинал ахалги, чвахулел, иццал-лълъималги,** كَمْ تَرَكُوا۟ مِن جَنَّـٰتٍ وَعُيُونٍ ۝٢٥

**26. Рекьарал, къачIарал хурзалги, берцинал чIухIарал жалго жанир чIолел рукIарал минаби ва кIалгIабиги.** وَزُرُوعٍ وَمَقَامٍ كَرِيمٍ ۝٢٦

**27. Ва гIемерал батIи-батIиял нигIматалги гъоркье тана, жидеца гьездасан лазат-кеп босулел рукIарал.** وَنَعْمَةٍ كَانُوا۟ فِيهَا فَـٰكِهِينَ ۝٢٧

**28. Гьедин буго дир амро.** Дие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго дун. **ФиргIавнил къавмги гьалаг гьабун дица гьезул ракьги, гьезул ахал-хурзал ва шагьарал ирсалъе кьуна цогидал къавмазе.** Гьел руго Бануисраилал пиргIавнил къавмалъ лагъзал лъун ккун рукIарал ва жидее гIемераб къварилъи гIазаб гьабулел рукIарал. كَذَٰلِكَ ۖ وَأَوْرَثْنَـٰهَا قَوْمًا ءَاخَرِينَ ۝٢٨

**29. Гьеб фиргIавнил къавм гъанкъана абун гьезда хадур зобал гIодичIо, ракьги гIодичIо.** Гьезул гIасилъи-пасикълъи сабаблъун гьел гьалаг гьаридалго гьезда ракI гурхIулев щивго чи вукIинч1о. **Жал гьалаг гьаризе къотIи гьабураб заман тIаде щвараб мехалъ гьел гьалаг гьаричIого нахъе рахъунги течIо.** Къиямасеб къоялъ гIазаб гьабизе абунги течIо. Гьениб гьабулеб гIазаб жиб букIин хIакъаб буго ва дунялалда гьалаг гьарунин абун гьездаса ахираталъул гIазаб тIаса унаро. فَمَا بَكَتْ عَلَيْهِمُ ٱلسَّمَآءُ وَٱلْأَرْضُ وَمَا كَانُوا۟ مُنظَرِينَ ۝٢٩

Гьел капурал ва чIухIарал гIадамал, жидее дунялалъул ханлъиги бугеб мехалъ цIакъго гIамал кIодолъун рукIула, жидедасан лъикIаб жого гьечIин дунялалда абун ракIалда ккун рукIуна. Гьеб ахIмакъаб пикругун рукIарал гIадамал гьалаг гьарураб мехалъ зобалазе ва ракьалъе щибго ками ккечIо абулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ . Гьел жидерго рукIараб хIалалда хутIана, амма дол чIухIарал чагIазул насло бакъвана ва хабарги тIагIана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Муъминчи хвараб мехалъ гьес как балеб букIараб бакI ва зодоб гьесул г1амал борхула бук1араб бак1 гIодула»*-абун. Х1адис ибну Абих1атимица бицана. Гьесул лъикIаб гIамал зодобе бахунеб букIиндал, гьеб гIамал къотIараб мехалъ зобалда лъала гьев чи хвараблъи ва гьеб пашманлъула.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Щивав лагъасе зобалазда кIиго рагьо буго: Цо гьев лагъасе ризкъи рештIунеб, цоги рагьо гьесул лъикIаб гIамал зодобе бахунеб. Гьев чи хвараб мехалъ гьеб кIиго рагьо къала ва гьесда хадур жалги гIодула»*-абун. Х1адис абуЯг1лаца бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Шурайх1 ибну ГIабидил ХIазрамияс бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьаб исламияб дин жиб гъарибаблъун бай бихьана ва гьеб ахиралдаги гъарибаблъун буссине буго. Амма муъминчиясе гъариблъи букIунаро. Гьев хвараб мехалъ гьесда хадув гIодулев чи гьечIеб бакIалда, гьесда хадур зобалги ракьги гIодула»-абун. Цинги аварагас* ﷺ *гьаб аятги цIалана: «Гьел пиргIавнил къавмалда хадур зобалги ракьги гIодичIо»-абун. Хадуб жинца абуна: «Зобалги ракьги капурчиясда хадур гIодуларо»*-абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

«Гъарибаб» абураб рагIиялъул магIна буго: жиб гIадамазда лъалареб, гьел жинде ругьунал гьечIеб, жиндир къимат-къадро гьабулареб. РикIкIадаб ракьалда ун гьенив чIарав, жиндир агьло-хъизанги гьечIев чиясда абула «гъарибав» (гъарим) абун.

Исламяб дин байбихьараб мехалъ гьединаб гъарибаб букIана. Гьеб къабул гьабулев чиги цIакъ дагь вукIана, гьелъие квербакъиги букIинчIо. Гьаб заманаги буго исламияб дин гъарибаблъун лъугьараб заман. Гьеб исламияб дин ккурал гIадамалги гъарибаллъун руго. Ва амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расулас бицараб кIудияб рохел буго гьадинаб гъарибияблъун лъугьараб мехалъ исламияб диналъе жидеца квербакъи гьабурал гIадамазе. Я Аллагь! Дуца ниж гьаре дур исламияб диналъе квер бакъунел гъурабааздаса!

**30. ХIакълъунго Дица Бануисраилал хвасар гьаруна гьел гIодогIан гьарулеб гIазабалдаса.** وَلَقَدْ نَجَّيْنَا بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ مِنَ ٱلْعَذَابِ ٱلْمُهِينِ ﴿٣٠﴾

Гьезул васал чIвалел рукIана, ясал лагъзаллъун кколел рукIана. ЦIакъ захIматал хIалтIаби гьаризеги тIамулел рукIана Къит1бияз Бануисраилал.

**31. ФиргIавнидаса хвасар гьаруна, гьев вукIана гьезие жинца гIазаб гьабулев.** مِن فِرْعَوْنَ إِنَّهُۥ كَانَ عَالِيًا مِّنَ ٱلْمُسْرِفِينَ ﴿٣١﴾
**Гьев вукIана цIакъ тIадегIанлъарав залим ва пасикъ.**

**32. Дица гьел Бануисраилал жидер заманаялъул гIадамаздаса хира гьаруна,** وَلَقَدِ ٱخْتَرْنَٰهُمْ عَلَىٰ عِلْمٍ عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٣٢﴾

**жал гьеб хиралъиялъе мустахIикъал рукIин дида лъалеб букIиналъ.**

Гьезда гьоркьоса гIемер аварагзабиги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIана.

وَءَاتَيْنَٰهُم مِّنَ ٱلْءَايَٰتِ مَا فِيهِ بَلَٰٓؤٌاْ مُّبِينٌ ﴿٣٣﴾

**33. Дица гьел аварагзабазе** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **гIемерал мугIжизаталги кьуна жидеда жанир гIадамазе хIужаби ругел ва пикру гьабулел гIадамазе вагIза насихIат бугел.**

إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَيَقُولُونَ ﴿٣٤﴾ إِنْ هِىَ إِلَّا مَوْتَتُنَا ٱلْأُولَىٰ وَمَا نَحْنُ بِمُنشَرِينَ ﴿٣٥﴾

**34.35. ХIакълъунго гьал Маккаялъул Къурайшаца абулеб буго: ниж цо нухалъ гурони хвезе гьечIо абун ва ниж ахираталда тIаде рахъине гьаризеги гьечIо абун.**

فَأْتُواْ بِـَٔابَآئِنَآ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٣٦﴾

36. Жегиги капураб къавмалъ абуна: **«Ниж тIаде рахъине гьарула абураб рагIиялъулъ нуж битIарал ратани нижер хварал умумул чIаго гьареха нужеца»-абун.**

Гьеб букIине буго нижее далил нуж ритIарал рукIиналъе. Гьаб рагIи абурав чи Абужагьал вуго абуна тафсиралъул г1алимзабаца. Гьев Абужагьлица Мух1аммад аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ т1ад велъанхъун абуна: «Дуца чIаго гьавеха пуланав ва пуланав чи. Гьел битIараб бицунел гIадамал рукIана. Нижее бокьун буго гьезда гьикъизе доба щиб хIалдай буго»-абун.

Гьал мушриказ бицунеб рагIи хвезе гьабун, гьезие гIазаб гьабизе букIин баян гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго:

أَهُمْ خَيْرٌ أَمْ قَوْمُ تُبَّعٍ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ أَهْلَكْنَٰهُمْ إِنَّهُمْ كَانُواْ مُجْرِمِينَ ﴿٣٧﴾

**37. Гьал Маккаялъул мушрикалишха лъикIал ва къуватал ругел, яги Яманалда рукIарал Сабаалъул ханзабийищ къуватал ругел?**

**Гьездаги цере рукIарал къавмалги рукIана жидер къуватгуч бугел, бечелъи ханлъи бугел. Гьел киналго гьалаг гьаруна Дица. ХIакълъунго гьел рукIана жидеца иман лъечIел, купрупширкалдалъун мунагь гьабулел гIадамал.** Гьел гьалаг гьарураб гIадин гьал Маккаялъул мушрикал гьалаг гьаризеги кIола Дида. Гьаб буго Къурайшиязе хIинкъи кьей ва гьел жидехъе вачIарв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иман лъун, гьесие мутIигIлъиялда ахIулеб аят.

وَمَا خَلَقْنَا ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لَٰعِبِينَ ﴿٣٨﴾

**38. Дица гьал зобалги, ракьги, гьезда жаниб ва гьоркьоб бугеб махлукъги бижичIо дун гIададисеб жо гьабулевлъун**

вукIун.

**39. Дица гьел зобалги ракьги бижич1о хIакъаб жоялдалъун гурони.** مَا خَلَقْنَٰهُمَآ إِلَّا بِٱلْحَقِّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٩﴾

Гьеб кинабго жо бижана инсанас жиндаса мунфагIат босулеблъун, гьесие квегъараблъун ва гьесул маслахIаталъе. Гьев инсанги дица вижана Дие гIибадат гьабизелъун. Гьединго Дие гIибадат гьабизе женалги рижана, малаикзабиги рижана. Гьел Дир лагъзадерил гIибадаталда рекъараб жазаъ гьезие гьабулеб рукълъун ахиратги бижана. **Гьаб амро гьадин бугониги гIемерисел гIадамал жидеда гьаб хIикмат лъаларел руго. Жидеца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабуларел, ахиратaлда иман лъоларел руго.**

**40. ХIакълъунго жиндилъ хIукму гьабулеб къо кинабго халкъалъе гIаммаб къо буго.** إِنَّ يَوْمَ ٱلْفَصْلِ مِيقَٰتُهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٤٠﴾

Жиб букIин хIакъаб буго ва гьеб къоялъ муъминзабиги капурзабиги ратIа гьаризе руго, хIакъабги батIулабги жо баян гьабизе буго.

**41. Гьеб къо буго щивниги гьудулас ва гIагарав чияс цоцазе кумек гьабулареб,** жиндир хIинкъи ва къварилъи кIудияб къо. **Гьеб къоялъ гIадамазе квер бакъулев щивго чиги вукIунаро.** يَوْمَ لَا يُغْنِى مَوْلًى عَن مَّوْلًى شَيْـًٔا وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿٤١﴾

**42. Аллагь ﷻ жидеда гурхIарал муъминзабазда кIола цоцазе шапагIат гьабизе гьев Аллагьас ﷻ жиндие изно кьун хадуб.** إِلَّا مَن رَّحِمَ ٱللَّهُ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٤٢﴾

Гьединго муъминзабазе шафагIат гьабула аварагзабаца عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва малаикзабаца. **ХIакълъунго гьев Аллагь ﷻ жиндир гуч бергьарав вуго:** жинда гIасилъараздаса щим босизе кIолев вуго. **Ва Жив цIакъ гурхIулевги вуго.** Жинда иман лъуразул тавбо къабул гьабулев, гьезул мунагьал чурулевги вуго.

**43.44.45.46. ХIакълъунго жужахIалда жаниб бижунеб закъумалъул гъветI, жидер мунагьал гIемерал купру-ширкалъул агьлуялъул тIагIам буго.** Гьезие жужахIалда жаниб цоги квен букIунаро. **Гьеб жиб биараб, гьалдолеб тIохьигIадин букIуна гьезул чохьониб. Кутакалда бухIараб, гьалдолеб лъим гIадин** إِنَّ شَجَرَتَ ٱلزَّقُّومِ ﴿٤٣﴾ طَعَامُ ٱلْأَثِيمِ ﴿٤٤﴾ كَٱلْمُهْلِ يَغْلِى فِى ٱلْبُطُونِ ﴿٤٥﴾ كَغَلْىِ ٱلْحَمِيمِ ﴿٤٦﴾

**гъваргъвадилеб букӀуна.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жужах1алда тӀад тарал забаниятазда амру гьабула:

خُذُوهُ فَٱعۡتِلُوهُ إِلَىٰ سَوَآءِ ٱلۡجَحِيمِ ﴿٤٧﴾

**47. Нужеца гьав чи кквезеги ккун вехъерхъун жужахӀ бакьулъе рехе!.**

ثُمَّ صُبُّواْ فَوۡقَ رَأۡسِهِۦ مِنۡ عَذَابِ ٱلۡحَمِيمِ ﴿٤٨﴾

**48. Цинги нужеца гьесул БетӀералдаса бехе бухӀараб хӀамим тӀун гьелъул гӀазаб чӀамизе гьабе гьесда абун.**

Гьеб хӀалалъ вехъерхъун жужахӀалъувеги реххун, бетӀералдаса бехе бухӀараб, махӀцараб хӀамимги тӀун хадуб гьев чиясда абула:

ذُقۡ إِنَّكَ أَنتَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡكَرِيمُ ﴿٤٩﴾

**49. «ЧӀаме дуца гьаб гӀазаб! ХӀакълъунго гьанже вуго мун унгого кӀодо гьавурав ва къадро къимат бугев»-абун.**

Гьев инжит гьавун абула гьаб рагӀи.

Жинда Аллагь разилъаяв ГӀикриматица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Абужагьал данде чӀвараб мехалъ аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьесда абуна: *«Дида Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *амро гьабун буго дуда абе абун: Бищунго дуе рекъараб буго гьеб ахираталъул гӀазаб!»-абун. Абужагьалица абуна: «Дуца дие щиб жоялдалъун хӀинкъи кьолеб бугеб?. ХӀакълъунго кӀоларо дудаги дур Аллагьасдаги* جَلَّجَلَالُهُ *дие щибго жо гьабизе! БичасхӀаги дун вуго гьаб кӀкӀалалъул (Макка бугеб бакӀ) бищунго гучав ва хирияв, гьелъул кинабго агьлоялдаса!»-абун. Гьев Абужагьал Бадроялда чӀвана, гьесул бетӀер къотӀун ибну МасгӀудица хадуб бехъерхъун аварагасда* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *цебе бачӀана. Гьесул хӀакъалъулъ рештӀине гьаруна гьал аятал»*-абун.

Къиямасеб къоялъ гьел мушриказда абула:

إِنَّ هَٰذَا مَا كُنتُم بِهِۦ تَمۡتَرُونَ ﴿٥٠﴾

**50. ХӀакълъунго гьале гьаб гӀазаб буго дунялалда ругеб мехалъ нуж жиб букӀиналда божуларого рукӀараб»!-абун.**

إِنَّ ٱلۡمُتَّقِينَ فِي مَقَامٍ أَمِينٖ ﴿٥١﴾

**51. ХӀакълъунго Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **хӀинкъарал муъминзаби гьеб ахираталда цӀакъ божилъи бугеб макъамалда рукӀуна.**

فِي جَنَّٰتٖ وَعُيُونٖ ﴿٥٢﴾

**52. Алжаназда жанир берцинал ахазулъ ва нигӀматазул иццазулъ рукӀуна.**

يَلۡبَسُونَ مِن سُندُسٖ وَإِسۡتَبۡرَقٖ مُّتَقَٰبِلِينَ ﴿٥٣﴾

**53. Гьез тӀад ретӀараб ретӀелги дарай-зарбалъул букӀуна ва жал цоцаде балагьун, цоцадаса роххун ва ракӀ гъун**

**рукIуна.**

**54. Гьадинал нигIматал кьун хира гьарула Дица гьел муъминзаби.** كَذَٰلِكَ وَزَوَّجۡنَٰهُم بِحُورٍ عِينٖ ٥٤

**Гьезие руччабилъун хIурулгIинзабиги кьола.** Жидер берцинлъиялъе сипат гьабизе кIоларел, жидер россабаздаса жидеца бер тIаса босуларел.

**55. Жидее бокьараб пихъ босун рачIа абун гъилманаздаги абула. Жидее щиб квен квананиги гьелъ заралги гьабуларо.** يَدۡعُونَ فِيهَا بِكُلِّ فَٰكِهَةٍ ءَامِنِينَ ٥٥

**56. Гьеб алжаналда жанире лъугьун хадуб гьезие хвелги букIунаро доб дунялалда букIараб хвелалдаса хадуб. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьел жужахIалъул гIазабалдаса цIунунги рукIуна.** Алжаналда жанив лъугьине гьавурав чи гьенисан къватIиве вахъизе гьавуларо ва гьесие щибго жоялъул ургъел ва хIинкъи букIунаро. لَا يَذُوقُونَ فِيهَا ٱلۡمَوۡتَ إِلَّا ٱلۡمَوۡتَةَ ٱلۡأُولَىٰۖ وَوَقَىٰهُمۡ عَذَابَ ٱلۡجَحِيمِ ٥٦

**57. Гьаб рехсараб жо буго МухIаммад, дур БетIергьан Аллагьас жиндир лагъзадерие гьабулеб цIоб рахIмат. Гьаб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб сагIадат (бахьи буголъи).** فَضۡلٗا مِّن رَّبِّكَۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ٥٧

**58. ХIакълъунго гьаб хирияб Къуръан Дица дур мацIалъе цIализе бигьаяблъун гьабуна МухIаммад, гIараб мацIалда жиб рештIине гьабун: гьеб дур къавмалъ Къуръаналъул вагIза босизе бокьун.** فَإِنَّمَا يَسَّرۡنَٰهُ بِلِسَانِكَ لَعَلَّهُمۡ يَتَذَكَّرُونَ ٥٨

**59. Мун валагьун вукIа МухIаммад, гьел мун гьереси гьавулел, Къуръаналда иман лъоларел мушриказда кинаб къодай бихьула абун. ХIакълъунго гьелги балагьун чIарал руго кидалдай жал дур дагIваталдаса хвасарлъила абун.** Мунги хун жидее хIалхьи щвеялда балагьун руго гьел. Дуда тIаде къварилъи бачIине жидее бокьаралги руго. Гьезда нахъа лъазе буго лъие букIунеблъи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ квербакъи ва бергьенлъи дунялалдаги, ахираталдаги. Гьеб муъминзабазе букIине буго. فَٱرۡتَقِبۡ إِنَّهُم مُّرۡتَقِبُونَ ٥٩

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадаралда рекъон исламияб дин цIакъго загIиплъун, гъарибаблъун лъугьуна, амма гьеб тIагIунаро. Бищунго исламияб дин загIиплъараб мехалъ гьеб дин ккурал ва гьелъие квер

бакъарал муъминзаби руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее роххел бицарал, аварагзабигун عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُцадахъ шагьидзабигун цадахъ жал алжаналда рукIулел. Т1адег1анав Аллагьас гьаб даража-макъам щолеб г1амал гьабизе иман ва тавпикъ кьеги!

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Ддуханалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 45. Суратул Жа̂сият

سُورَةُ الجَاثِيَة

*Гьаб сураталда жаниб бищунго цIикIкIараб бакI кколеб буго Аллагь ﷻ цо вукIиналда тIоритIел гьабулел далила рачиялъ. Хирияб Къуръаналъул бецен гьабигун цадахъ гьеб Къуръан жинца рештIине гьабурав Аллагьасул ﷻ сипатал рицун руго. Зобал ракьал рижиялъул, гIадамал, хIайванал рижиялъул бицун Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел далилал рицун руго.*

*Аллагьас ﷻ жиндир лагъзадерие кьун ругел гIемерал нигIматазул бицен гьабун буго. Гьезда щукру гьабизе ва гьел нигIматал жинца кьолев цохIо Аллагь ﷻ вукIин лъазе. Бануисраилазул къиса бицун Аллагьас ﷻ гьел кин хира гьарураб баян гьабун буго. Ахираталда муъминзабазеги капурзабазеги гьабизе бугеб гIадилаб жазаалъул бициналдалъун лъугьине гьабун буго гьаб сурат.*

*Сураталда цIар лъун буго: «Накабазда чIаразул сурат»-абун. Гьелъие сабабги буго къиямасеб къоялъул захIмалъабазул бицун букIин, жидеца инсан накабазда ккезе гьавулел, жидее гьабулеб хIисаб мизаналдаса хIинкъун гIакъло ун гьел рукIунеб. Гьеб къоялъул хIинкъиялъ гIисинал лъималаздаги хъахIаб рас баккулеб.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. ХIа. Мим.** حمٓ ﴿١﴾

ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб жиндир мурад.

**2. Гьаб харияб Къуръан ТIадегIанав Аллагьас рештIине гьабураб тIехь буго, жиндир гуч бергьарав ва жиндир пиша хIакимияв.** تَنزِيلُ الْكِتَابِ مِنَ اللَّهِ الْعَزِيزِ الْحَكِيمِ ﴿٢﴾

Гьаб кинабго махлухъалъул тадбир гьабизе жиндир хIал кIолев, жинца гьабулеб ишалда жаниб цо хIикмат ва пайда букIунев.

**3. ХIакълъунго гьал зобалазулъ ва ракьалъулъги Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъурал гIадамазе.** إِنَّ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ لَآيَاتٍ لِّلْمُؤْمِنِينَ ﴿٣﴾

**4. Нужерго рижиялъулъги, гьаб ракьалда тIаде хьвадулебщинаб жо бижиялъулъги гIаламатал руго жидеца иман лъун** وَفِي خَلْقِكُمْ وَمَا يَبُثُّ مِن دَابَّةٍ آيَاتٌ لِّقَوْمٍ يُوقِنُونَ ﴿٤﴾

**Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъи ритIухъ гьабулел гIадамазе.**

**5. Сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулги, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ зобалаздаса жиб ризкъилъун бугеб цIад рештIине гьабиялъулги, гьеб цIадалдалъун хвараб ракь чIаго гьабулеб.**

وَٱخۡتِلَٰفِ ٱلَّيۡلِ وَٱلنَّهَارِ وَمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مِن رِّزۡقٖ فَأَحۡيَا بِهِ ٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ مَوۡتِهَا وَتَصۡرِيفِ ٱلرِّيَٰحِ ءَايَٰتٞ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ٥

**Гьединго гьури хьвадизе гьабиялъулъги гIаламатал руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIал кIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел жидер гIакъло лъай бугел гIадамазе.**

**6. Гьел рехсарал гIаламатал ва гьел гурелги гIемерал гIаламатал руго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIал кIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел.**

تِلۡكَ ءَايَٰتُ ٱللَّهِ نَتۡلُوهَا عَلَيۡكَ بِٱلۡحَقِّۖ فَبِأَيِّ حَدِيثِۭ بَعۡدَ ٱللَّهِ وَءَايَٰتِهِۦ يُؤۡمِنُونَ ٦

**Гьел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ аятал дица дуе цIалулел руго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, жал хIакъаллъун ругел, жидеда жаниб батIулаб жо гьечIел. Кинаб каламха Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламалда ва гьесул аятазда хадубги гьез ритIухъ гьабилеб?.**

Жидер гIакъло бугел гIадамаз иман лъезе тIадаб буго гьадинал кIудиял ва загьирал аятал ва гIаламат жив вукIиналъе далиллъун ругев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва гьес рештIине гьабураб тIехьалдаги. Гьединго гьезда тIадаб буго гьаб Къуръанги жинда рештIине гьабун, цогиги мугIжизаталги жиндие кьун жидехъе авараглъун витIарав, жидеда гьоркьосан чи МухIаммадидаги иман лъезе. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв

**7.8. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго жинца гьереси бицарав ва мунагьал гьари гIемерав чиясе. Жиндие цIалулел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ аятал жинда рагIулев ва цингиги жив купруялда ва ширкалда чIолев.**

وَيۡلٞ لِّكُلِّ أَفَّاكٍ أَثِيمٖ ٧ يَسۡمَعُ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِ ثُمَّ يُصِرُّ مُسۡتَكۡبِرٗا كَأَن لَّمۡ يَسۡمَعۡهَاۖ فَبَشِّرۡهُ بِعَذَابٍ أَلِيمٖ ٨

**Жинца гIамал кIодолъи гьабун, иман лъезе, мутIигIлъизе чIухIун, жинда гьеб Къуръан рагIизего рагIичIеб хIалги гьабун. Дуца гьесда рохел бице МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, цIакъ жинда унтизе гьабулеб гIазабалдалъун.**

**9. Жидехъе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рештIине гьарурал аятал щвараб мехалъ, жидеца гьел аятал махсароде гьарулел, гьезда тIад релъанхъулел,**

وَإِذَا عَلِمَ مِنۡ ءَايَٰتِنَا شَيۡـًٔا ٱتَّخَذَهَا هُزُوًاۚ أُوْلَـٰٓئِكَ لَهُمۡ عَذَابٞ مُّهِينٞ ٩

**гьел гIадамал руго жидее жал хIакъир гьарулеб гIазаб букIине бугел.**

مِّن وَرَآئِهِمْ جَهَنَّمُ ۖ وَلَا يُغْنِى عَنْهُم مَّا كَسَبُوا۟ شَيْـًٔا وَلَا مَا ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَوْلِيَآءَ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٠﴾

**10. Гьезда балагьун, гьел рачIинелда хIадурун жагьаннамаги буго. Гьезие щибго кумек гьабизе гьечIо ахираталда щвараб мехалъ жидеца данде гьабураб дунялалъул боцIиялъ ва жидер васалаз, гьединго Аллагьги** ﷻ **живго тун жидеца вализабилъун ккурал гIадамаз, гьез жидее лагълъи гьабурал хъанчазги. Гьезие цIакъ гучаб жажухIалъул гIазаб букIине буго.**

هَٰذَا هُدًى ۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ لَهُمْ عَذَابٌ مِّن رِّجْزٍ أَلِيمٌ ﴿١١﴾

**11. Гьаб Къуръан буго жиб баянаб ва мухIканаб тIоритIел.**
Жинда мутIигIлъарав ва жинда гIамал гьабурав чиясе дунялалдаги, ахираталдаги бахьи буголъи щолеб, гьев хIакъаб диналда ва битIараб нухалда тIовитIулеб Аллагьасул ﷻ калам. **Гьаб хирияб Къуръан жидеца гьереси гьабулел, жидер БетIергьан Аллагьасул аятазда жидеца инкарги кколел гIадамазе цIакъ квешаб гIазаб букIине буго.**

۞ ٱللَّهُ ٱلَّذِى سَخَّرَ لَكُمُ ٱلْبَحْرَ لِتَجْرِىَ ٱلْفُلْكُ فِيهِ بِأَمْرِهِۦ وَلِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٢﴾

**12. Гьев Аллагь** ﷻ **вуго нужеца жиндие лагълъи гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, Жинца нужее ралъад квегъарав, нужеца гьеб ралъдалъан гуми хьвадизе гьаризе жиндир амруялдалъун** ва цIуниялдалъун.
**Нужеца гьеб ралъдадаса хьвадун сафаралда ун нужее ризкъи тIалаб гьабизе ва нужеца Аллагьасе** ﷻ **щукруги гьабизе.** Гьел киналго нигIматал Аллагьасдаса ﷻ рукIин лъан, Аллагьас ﷻ гьаб кинабго махлукъ инсанасе квегъараб букIинги лъан.

وَسَخَّرَ لَكُم مَّا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا مِّنْهُ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿١٣﴾

**13. ТIадегIанав Аллагьас квегъараб буго нужее гьал зобаллаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ.**
Бакъ, моцI, цIвабиги нужеца жидедаса мунпагIат босулел руго. Ралъадал гIоралги, МугIрул щобалги нужее квегъарал руго. Нужедаса гIемерго къуватал ва гучал хIайваналги нужеца хIалтIизе гьарулеллъун гьарун руго. Зодиса балеб цIадги, пулел гьуралги нужее маслахIаталъе ратулел руго.

**ХIакълъунго гьал рехсарал ишазульги гIемерал ва кIудиял гIаламатал ва аятал руго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел, жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел гIадамазе.** Гьел гIакъло бугел ва жидеца пикру гьабулел гIадамал муъминзаби руго. Гьал кIудиял гIаламатал жидеда рихьуларел, гьезда иман лъоларел гIадамал цIакъ ахIмакъал, щайтIаналъ гуккарал гIадамал руго.

قُل لِّلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ يَغۡفِرُوا۟ لِلَّذِينَ لَا يَرۡجُونَ أَيَّامَ ٱللَّهِ لِيَجۡزِيَ قَوۡمَۢا بِمَا كَانُوا۟ يَكۡسِبُونَ ﴿١٤﴾

**14. Дуца муъминзабаде абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, гьел капурзаби жидеда тIаса лъугьун те, гьезул къварилъиги хIехье. Гьел руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIакъубаялдаса хIинкъуларел гIадамал, жидеца ахираталда иман лъолеб гьечIелъул.**

**Гьел инкарчагIазул гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе буго»-абун.**

Гьаб капурзабазул ва мушриказул къварилъи хIехьон сабро гьабе абун муъминзабазда абулеб букIана гьел сабро гьабиялда ругьунлъизе, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло жидеда бачIунеб къварилъи хIехьезе гьезул яхI ва бахIарчилъи цIикIине. Гьаб аят ва гьалда релъарал аятал насхо гьарун, гьезул хIукму хвезабун рагъул аятал рештIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва гьесул хириял асхIабзаби гьижра гьабун Мадинаялде ун хадур.

مَنۡ عَمِلَ صَٰلِحٗا فَلِنَفۡسِهِۦۖ وَمَنۡ أَسَآءَ فَعَلَيۡهَاۖ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُمۡ تُرۡجَعُونَ ﴿١٥﴾

**15. Жинца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурав чияс гьеб жиндирго напсалъе гьабураб лъикIлъи буго. Иман лъечIого чIарав чиясги жиндирго напсалъе гьабураб квешлъи буго.**

**Цинги ахираталда нуж киналго нужер БетIергьанасда руссине гьаризе руго,** ва гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе буго нужее жазаъги.

وَلَقَدۡ ءَاتَيۡنَا بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡحُكۡمَ وَٱلنُّبُوَّةَ وَرَزَقۡنَٰهُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ وَفَضَّلۡنَٰهُمۡ عَلَى ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿١٦﴾

**16. ХIакълъунго дица Бануисраилазе кьуна тIехьги, гIелму ва авараглъиги. Гьединго Дица лъикIал, лазатал нигIматалги кьуна ва Дица гьел хираги гьаруна жидер заманалъул киналго гIадамаздаса.** Цингиги гьез Дида гIасилъи гьабуна, Дир аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна. Гьаб дур къавмалъ гьабулеб гIамалги гьезулалда релълъараб буго МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, дуца сабро гьабе ва дурго рисалат халкъалъухъ

щвезабиялда тIад чIей гьабе!

وَءَاتَيۡنَٰهُم بَيِّنَٰتٖ مِّنَ ٱلۡأَمۡرِۖ فَمَا ٱخۡتَلَفُوٓاْ إِلَّا مِنۢ بَعۡدِ مَا جَآءَهُمُ ٱلۡعِلۡمُ بَغۡيَۢا بَيۡنَهُمۡۚ إِنَّ رَبَّكَ يَقۡضِي بَيۡنَهُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُواْ فِيهِ يَخۡتَلِفُونَ ١٧

**17. Дица гьел Бануисраилазе Тавраталда жаниб цIакъ мухIканго баян гьабуна жидер диналъул хIукму ва ахир заманалъул авараглъун вугев МухIаммадил ﷺ сипаталги. Гьел Бануисраилал жидер диналъулъ хилифлъичIо жидехъе хIакъаб жо бачIун хадур гурони ва жидеда гьеб якъинго лъан хадурги гурони. Гьел хилифлъиялъе сабабги букIана жидеда гьоркьоб бугеб хIалхъублъи, ханлъи ва кIодолъи бокьи. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагьас гьезда гьоркьоб хIукму гьабизе буго МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъ гьел жиндилъ хилифлъун рукIараб диналъул амруялъулъ.** Гьаб аяталъ Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьолеб буго жидеда цере рукIарал умматазул капурзабаца гьабураб гIамал гьабуни Аллагьас ﷻ жидееги гIазаб гьабизе букIиналдалъун.

ثُمَّ جَعَلۡنَٰكَ عَلَىٰ شَرِيعَةٖ مِّنَ ٱلۡأَمۡرِ فَٱتَّبِعۡهَا وَلَا تَتَّبِعۡ أَهۡوَآءَ ٱلَّذِينَ لَا يَعۡلَمُونَ ١٨

**18. Гьелдаса хадув Дица мун гьавуна МухIаммад ﷺ, хIакъаб шаргIалда.** Жиб баянаб, загьираб исламияб дин халкъалда лъазе гьабулев расуллъун гьавуна мун. **Мун, гьеб дуда вахIю гьабураб диналда чIа! Мун мутIигIлъуге жидеда щибго жо лъаларел Къурайшазул рагIабазе ва гьезие бокьараб жоялъе.** Къурайшаца МухIаммадида ﷺ абулеб букIана мун нилъер умумузул диналда вусса абун. Гьезул рагIи хвезе гьабун: «Мун хIакъаб диналда вуго ва гьелда чIа абун абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв МухIаммад аварагасда ﷺ.

إِنَّهُمۡ لَن يُغۡنُواْ عَنكَ مِنَ ٱللَّهِ شَيۡـٔٗاۚ وَإِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ بَعۡضُهُمۡ أَوۡلِيَآءُ بَعۡضٖۖ وَٱللَّهُ وَلِيُّ ٱلۡمُتَّقِينَ ١٩

**19. ХIакълъунго гьел Къурайшаца дуе щибго кумек гьабизе гьечIо мун гьезда мутIигIлъун дуда Аллагьасдаса ﷻ гIазаб щолеб бугони. ХIакълъунго Гьел киналго капурал гIадамал цоцазул гьудулзаби, вализаби руго.** Дунялалда гьел киналго Аллагьасул ﷻ диналда данде чIолел руго, гьеб зулму гьабиялъулъ цоцазе квер бакъи гьабулелги руго. Амма ахираталда гьел цоцадасан цIакъ рикIкIалъулелги руго. Гьениб гьезие квер бакъулев чиги вукIунаро. **Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъун гьесие гIибадат**

**бацIцIад гьабурал муъминзабазул Вали ТIадегIанав Аллагь вуго,** дунялалдаги ахираталдаги гьезие квер бакъи жинца гьабулев.

هَٰذَا بَصَٰٓئِرُ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَرَحۡمَةٌ لِّقَوۡمٍ يُوقِنُونَ ﴿٢٠﴾

**20. Гьаб хирияб Къуръан гIадамазе нурлъун буго, жинца гьезда хIакъаб нух бихьизе гьабулеб, гьел тIоритIулеб чирахъги буго, гьезул ракIазда нур базе гьабулеб гIелму-хIикматги буго.**

**Жидеда Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **лъалеб, ахираталда иман лъолеб халкъалъе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан бугеб рахIматги буго гьаб Къуръан.** Гьаб Къуръаналда нахъ рилълъиналдалъун жидее абадиял алжаназул нигIматал щолелъул, жал жужахIалъул гIазабалдасаги цIунулелъул.

أَمۡ حَسِبَ ٱلَّذِينَ ٱجۡتَرَحُواْ ٱلسَّيِّـَٔاتِ أَن نَّجۡعَلَهُمۡ كَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ سَوَآءٗ مَّحۡيَاهُمۡ وَمَمَاتُهُمۡۚ سَآءَ مَا يَحۡكُمُونَ ﴿٢١﴾

**21. Жидеца гIасилъи-пасикълъи гьабулел гIадамазда ракIалдайищ кколеб бугеб Дица гьел жидеца иманги лъун, аварагзабазда** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазда релълъун гьарилин абун гьаб дунялалъул рукъорги, хадуб ахираталдаги?**

Гьариларо Дица гьел кIиялго цоцаде релълъине. **ЦIакъ квешаб, гIантаб пикру ва хIукму буго гьел ахIмакъзабаца гьабулеб хIукму.**

Муъминзаби муъминзабилъун хола ва ахираталда муъминзабилъун тIаде рахъине гьарун алжаналда лъугьине гьарула. Капурзаби жидер куфруялда хола ва ахираталда жужахIалда жанирги лъугьине гьарула.

وَخَلَقَ ٱللَّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ بِٱلۡحَقِّ وَلِتُجۡزَىٰ كُلُّ نَفۡسِۭ بِمَا كَسَبَتۡ وَهُمۡ لَا يُظۡلَمُونَ ﴿٢٢﴾

**22. ТIадегIанав Аллагьас зобал ва ракь бижана жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун.**

Гьездалъун инсанас Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда тIоритIел гьабизе ва гьесие гIибадат гьабиялда живги вуссине. **Ахираталда щибаб нафсалъе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе, цониги чиясе щибго зулмуги гьабичIого букIине.**

Шейх Задагь абулев гIалимас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас зобалги ракьги бижиндал жинца хIакъаб жо загьир гьаби мурадалда, гьел рижиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIикматалдаса ва гIадлоялдаса бугеб жолъун бугеблъидал, гьелъ тIадаблъун гьабулеб буго жиндие зулму гьабурав чияс хIакъ боси жинца зулму гьабурасдасан. Гьеб амру тIубазе

гIологи халкъ тIаде бахъине гьабизе букIин чIолеб буго гьаб махлукъ бижиялъул хIикматалъул пикру гьабун балагьараб мехалъ»-абун.

أَفَرَءَيْتَ مَنِ ٱتَّخَذَ إِلَٰهَهُۥ هَوَىٰهُ وَأَضَلَّهُ ٱللَّهُ عَلَىٰ عِلْمٍ وَخَتَمَ عَلَىٰ سَمْعِهِۦ وَقَلْبِهِۦ وَجَعَلَ عَلَىٰ بَصَرِهِۦ غِشَٰوَةً فَمَن يَهْدِيهِ مِنۢ بَعْدِ ٱللَّهِ ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Дуца дида бицеха МухIаммад ﷺ, жинца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиги тун жиндирго гьава-напсалъе лагълъи гьабурав чиясул хIал кин букIунеб?** Щибго жо гъокье течIого, сундасаго хIинкъичIого жиндир чорхол шагьватал жинца тIуразе гьарулев.

**Аллагьас ﷻ жив къосаравлъунги гьавун вугев, гьев чиясда хIакъаб жо лъалеб букIингун цадахъ. Жиндир гIиналдаги ракIалдаги Аллагьас ﷻ мугьру чIварав, гьезда хIакъаб жо рагIичIого букIине ва бичIинчIого букIине. Жиндир бералда тIад тIалъелги (пардавги) гьабурав хIакъаб жо бихьичIого букIине. Гьав чи жинца тIовитIулев цоги щив чи вукIунев Аллагьас ﷻ гьев тIовитIичIеб мехалъ?** Щивго чи вукIунаро! **Гьаб хабаралъул вагIза кин босулареб нужеца ва цогидал гIадамазги!.**

Гьаб аяталда жаниб Аллагьас ﷻ ункъго кIудияб сипат гьабуна жидеца инкар ккурал гIадамазе гьел сипатал жидее ругебгIан мехалъ гьез иман лъеялдаса хьул къотIараб.

<u>ТIоццебесеб сифат буго:</u> Жиндирго напсалъе лагълъи гьабулевлъун вукIин.

<u>КIиабилеб сифат буго:</u> Жиндие хIакъаб жо лъалеб бугониги гьелда нахъ вилълъун гутIи ва жив къосаравлъун чIей.

<u>Лъабабилеб сифат буго:</u> Жидер гIундуздаги ракIаздаги мугьру чIван букIин гьезда жаниб хIакъаб жо лъугьунареб хIалалъ.

<u>Ункъабилеб сифат буго:</u> Жидер берал беццал рукIин хIакъаб жо бихьиялдаса.

Гьаб аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: Цо сордоялъ Абужагьал КагIбаялда сверун тIаваф гьабулев вукIана, гьевгун цадахъ Алвалид ибну Мугъиратги вукIана. Гьев кIиясго хабар бицана Алагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIакъалъулъ. Абужагьлица абуна: «Валлагьи дида лъала гьев МухIаммад ﷺ жинца битIараб жо бицунев вукIин»-абун. Алвалидица абуна: «ВахI! Мун гьебжо хIакъаб букIин лъаялда сунца вачарав»-абун. Абужагьлица абуна: «Я Г1абдушамсил эмен! Нилъеца гьев гьитIинав вугеб мехалъ гьесда абулеб букIана «жинца битIараб жо бицунев, жинда божаравги вуго»-абун. Гьанже гьев кIудияв гIараб мехалъ,

гьесул гIакълоги камиллъараб мехалъ нилъеца гьесда «гьереси чи ва хиянатчи»-абун кин абулеб? Валлагьи дида лъала гьев чи жинца битIараб жо бицунев вукIин!»-абун. Цинги Алвалидица гьесда абуна: «Гьедин бугеб мехалъ мун гьесда иманлъеялдаса нахъе чIвалеб жо щибха бугеб?-абун. Абужагьлица абуна: «Дида нахъаса Къурайшазул ясал кIалъала дун АбутIалибил ятимасда нахъ вилълъана гьесул чадил рекел (кесек) сабаблъун абун. Дун гьедулев вуго гIуззаялдалъун ва ллаталдалъун кидаго дун гьесда нахъ вилълъинаро!»-абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб (23аб) аят рештIине гьабуна.

وَقَالُوا۟ مَا هِىَ إِلَّا حَيَاتُنَا ٱلدُّنْيَا نَمُوتُ وَنَحْيَا وَمَا يُهْلِكُنَآ إِلَّا ٱلدَّهْرُ ۚ وَمَا لَهُم بِذَٰلِكَ مِنْ عِلْمٍ ۖ إِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ٢٤

**24. Маккаялъул мушрикаца абуна: «Гьаб дунялалъул чIаголъи гурони цоги чIаголъи гьечIо. Ниж гьаб дунялалда чIаго рукIуна ва гьанир хола.**

**Ниж хвезе гьарулев щивго чи гьечIо жибго дунялалъул гIадат гурони»-абун.** Гьал гIадамал руго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда жидеца инкар кколел. Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кколел гIадамаз ахираталда инкар кквейги хIакъаб жо буго. **Гьаб жидер рагIиялъе гьезул щибго гIилла-хIужжа ва гIелму гьечIо. Гьел руго жидерго ракIалда ккараб жо бицунел гIадамал.**

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُنَا بَيِّنَٰتٍ مَّا كَانَ حُجَّتَهُمْ إِلَّآ أَن قَالُوا۟ ٱئْتُوا۟ بِـَٔابَآئِنَآ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ٢٥

**25. Гьал мушриказе Дир Къурьаналъул аятал цIалараб мехалъ гьезул тIокIаб абизе рагIи букIинчIо: «Нуж нижер хварал умумул чIаго гьарун, гьелги рачун рачIаха нижехъе, нуж битIараб жо бицунел ратани»-абун аби гуреб.**

قُلِ ٱللَّهُ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يَجْمَعُكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ٢٦

**26. Дуца гьезда абе МухIаммад** ﷺ **! ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж чIаго гьарулев:** Щибго жо гьечIеб бакIалдаса жинца нуж рижарав.

**Цинги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нуж хвезеги гьарула, нужее цIараб заман тIубараб мехалъ.**

**Цинги нуж Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **данде гьаризе руго жиб бачIиналда щибго щаклъи гьечIеб къиямасеб къоялъ. Кинниги гIадамазул гIемерисел гьаб хIакъикъат жидеда лъаларел руго.** Жидер гIакъло дагьаб букIиналъ, пикру гьабунгутIиялъ жидеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIалкIолъи лъаларел руго, гьедин бугелъул жидеца ахираталда инкар

кколел руго.

وَلِلَّهِ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَخْسَرُ ٱلْمُبْطِلُونَ ﴿٢٧﴾

**27. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал ракьазул ханлъи.**

Гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъ Аллагьас ﷻ бижараб ва Аллагьас ﷻ жиндир тадбир гьабулеб буго. **Къиямасеб къо чIараб мехалъ цIакъ чIорого хутIарал ва гIадада хвараллъун рукIине руго жидеца купру-ширк гьабулел, Аллагьасул ﷻ аятазда инкар кколел гIадамал.**

وَتَرَىٰ كُلَّ أُمَّةٍ جَاثِيَةً ۚ كُلُّ أُمَّةٍ تُدْعَىٰٓ إِلَىٰ كِتَٰبِهَا ٱلْيَوْمَ تُجْزَوْنَ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Дуда киналго гIадамалги рихьизе руго я гьав инсан, жал накабазда гIодор ккаралльун гьеб къоялъул захIмалъиялдаса хIинкъун. Щивав чиги гьеб къоялъ жиндир гIамалалал хъвараб тIехьада аскIов ахIула ва гьел гIадамазда абула:**

**«Жакъа нужее гьабулеб жазаъ буго нужеца дунялалда гьабулеб букIараб гIамалалда данде!»-абун.**

هَٰذَا كِتَٰبُنَا يَنطِقُ عَلَيْكُم بِٱلْحَقِّ ۚ إِنَّا كُنَّا نَسْتَنسِخُ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٩﴾

**29. «Гьаб Дир тIехь буго жинда тIад нужер гIамалал хъвараб, жинца нужее хIакъаб нугIлъиги гьабулеб. ХIакълъунго Дица малаикзаби хъвазе риччан нужеца гьабураб кинабго гIамал хъвалеб букIана»-абун.**

Гьаб захIматаб къоялъ нужеца инкар гьабизе букIин лъалеб букIана Дида ва Дица нужее нугIзаллъун рукIине нужер гIамалал хъварал кагътал хIадурун руго, гьел кагътал жидеца хъварал малаикзабиги руго нужее нугIзаллъун. Гьезулги нугIлъи нужее гIечIеб бакIалда нужер кIалазда мугьроги чIван дица нужер щибаб лагаги кIалъазабизе буго, жинца гьабураб гIамал бицун. Гьадинаб мухIканаб, гIадилаб хIисаб мизан гьабун хадуб гьелда рекъараб гIадилаб жазаъ гьабизе буго нужее.

Жинда Аллагь разилъаяв ибнуГ1аббасица абуна: «Малаикзабаца лагъзадерил гIамалал хъвала. Цинги гьел гIамалал хъварал кагъталги росун гьел зобалазда рахуна. Цинги гьенир ругел лагъзадерил гIамалазул тадбир гьабизе тарал малаикзабаца гьал гIамал хъвалел малаикзабаца хъван бачIараб гIамал данде ккола жидеда аскIоб бугеб ЛавхIул-махIфузалдаса хъвараб гьев лагъасул гIамалалда. Гьеб буго Аллагьас ﷻ халкъ бижилелдего цебе хъван букIараб гьез гьабизесеб гIамал. Зарраби рижун хадуб, гьезул хIал бихьиги гьабун, жиб хъвараб.

Гьеб кIиябго гIамал цоцаде данде ккола ва цохIо хIарф тIаде цIикIине гьабичIого яги цохIо хIарф нукъсан (тIаса рехичого) гьабичIого хъвала»-абун.

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَيُدْخِلُهُمْ رَبُّهُمْ فِى رَحْمَتِهِۦ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَوْزُ ٱلْمُبِينُ ﴿٣٠﴾

**30. Амма жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал: Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьел гIадамал лъугьине гьарула жиндир рахIматалъулъ.** Алжаналъул нигIматазулъ лъугьине гьарула.

**Гьеб буго цIакъ кIудияб кверщел бати ва баянаб бахьи буголъи.**

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَفَلَمْ تَكُنْ ءَايَٰتِى تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَٱسْتَكْبَرْتُمْ وَكُنتُمْ قَوْمًا مُّجْرِمِينَ ﴿٣١﴾

**31. Ва амма Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамал жужахIалда лъугьине гьарула ва гьезда бадиб чIвай гьабун абула: «Нужехъе Дир аятал рачIунел рукIана гурищ?**

**Дир аварагзабиги** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **рачIана гурищ? Нужеца гьел аятал къабул гьаричIо, аварагзабазда** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **иман лъезеги чIухIана ва нуж рукIана Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **гIасиял гIадамал.**

وَإِذَا قِيلَ إِنَّ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقٌّ وَٱلسَّاعَةُ لَا رَيْبَ فِيهَا قُلْتُم مَّا نَدْرِى مَا ٱلسَّاعَةُ إِن نَّظُنُّ إِلَّا ظَنًّا وَمَا نَحْنُ بِمُسْتَيْقِنِينَ ﴿٣٢﴾

**32. Нужеда абураб мехалъ хун хадур тIаде рахъине гьаризе руго абураб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **къотIи хIакъаб буго абун, къиямасеб къо бачIинги жиндилъ щаклъи гьечIеб амро буго абун.**

**Нужеца абулеб букIана: «Нижеда лъаларо гьеб къиямасеб къо щиб жо бугеб.**

**Нижеда гьеб къиямасеб къоялъул хабар гIадамаз бицунеб рагIула гьеб букIине бегьула абун ракIалда ккола. Амма ниж гьелда тIобанго божулел гьечIо»-абун.**

وَبَدَا لَهُمْ سَيِّـَٔاتُ مَا عَمِلُوا۟ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٣٣﴾

**33. Ахиратӓлда гьел капурзабазе жидеца дунялалда гьарулел рукIарал къабихIал гIамалазул жазаъ загьирлъула, ва гьезие хIакъаблъунги лъугьула жидеца махсароде гьабулеб букIараб ахиратги, гьелъул гIазабги.**

وَقِيلَ ٱلْيَوْمَ نَنسَىٰكُمْ كَمَا نَسِيتُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا وَمَأْوَىٰكُمُ ٱلنَّارُ وَمَا لَكُم مِّن نَّٰصِرِينَ ﴿٣٤﴾

**34. Гьел капурзабаздехун абула: «Жакъа нижеда нужги кIочон тезе руго нужеда кIочон букIараб гIадин гьаб ахираталда нуж данде чIвазе рукIин. Нуж жанире руссунеб бакI жагьанама буго ва нужее квер бакъи гьабулев щивго чиги вукIине гьечIо»-абун.**

Нуж гьеб гIазабалъулъ кIочон тезе руго ва нуж гьенисан къватIире рахъине гьечIо абураб магIна буго гьаб аяталъул.

ذَٰلِكُم بِأَنَّكُمُ ٱتَّخَذۡتُمۡ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ هُزُوٗا وَغَرَّتۡكُمُ ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَاۚ فَٱلۡيَوۡمَ لَا يُخۡرَجُونَ مِنۡهَا وَلَا هُمۡ يُسۡتَعۡتَبُونَ ٣٥

**35. Гьаб абадияб гIазаб нужее буго хIакълъунго нужеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал махсароде гьарун рукIиналъе гIоло,** гьелда гIамал гьабизе ва гьелда нахърилълъине нуж чIухIун рукIиналъе гIологи. **Нуж дунялалъул рукъор гьеб дунялалъул чIаголъиялъ гуккунги рукIана.**

**Гьанже гьел гIадамал жужахIалдаса къватIире рахъуларо ва гьездаса тавбо гьабиги, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рази гьавиги тIалаб гьабуларо.** Гьеб ахираталда тавбо гьабиялъ щибго кумек гьабуларо. Гьеб ахират буго жиндилъ жазаъ гьабулеб рукъ. Гьениб гьабураб гIамалалъул мунфагIат букIунаро.

Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндиего рецц гьабун абуна:

فَلِلَّهِ ٱلۡحَمۡدُ رَبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَرَبِّ ٱلۡأَرۡضِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٣٦

**36. Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго. Зобалазул БетIергьанлъун жив вугев, ракьалъул БетIергьанлъунги вугев, кинабго гIаламалъулго БетIергьанлъунги жив вугев абун.**

وَلَهُ ٱلۡكِبۡرِيَآءُ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ وَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ٣٧

**37. Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго кинабго ч1ух1и кIодолъи, хиралъи ва камиллъи зобалаздаги ракьалдаги. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндир гуч бергьарав ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ хIакимияв.**

Жиндир киналго пишабазулъ ва халкъалъул тадбир гьабиялъулъ жиндир хIикмат камилав, гIадло битIарав вуго.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул Жа́ŝияталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру Т1адег1анав Аллагьасе буго.

# 46. Суратул АхIкъаф

سُورَةُ الأَحْقَافِ

*Гьаб суратги Маккаялда рештIине гьарурал суратаздаса буго, гьаб суратул Жасияталдаса хадуб рештIине гьабуна абунги абуна гIалимзабаца.*

*Киналго Маккаялъул суратазда жанибгIадинго гьаб сураталда жанибги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُالسَّلَامُ ритIухъ гьари ва ахираталда иман лъей бицун буго.*

*Хирияб Къуръан рештIине гьабиялъул бициналдалъун байбихьи гьабун, хадуб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб зобал ракьал ва цогидаб махлукъ бижиналъул бицун буго. Мушриказ жидее лагълъи гьабулел хъанчал щибго гьунар гьечIел жал рукIин, гьезие лагълъи гьабулел гIадамалги тIобарабго къосиналъулъ рукIин баян гьабун буго. Эбел имсуе мутIигIав лъикIав васасулги, эбел имсуе квешлъи гьабулев васасулги мисал бачун, гьезул ахир руссунеб бакI бицун вагIза насихIат гьабулеб буго.*

*Гьуд аварагасулги гьесул къавм ГIадилазуги дагьабго къиса бицун буго. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъараб мехалъ гьел кин гьалаг гьарураб бицун Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьолеб буго гьединаб гIазаб гьездаги щвезе бегьула абун жидеца купру-ширк течIони ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIад гьабичIони.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе бачIараб женазул цо къукъаялъулги бицун буго. Жал хирияб Къуръаналдаги гIенеккун, гьелда иман лъун жидер къавмалъухъе ин, гьелги иман лъеялда ахIизе. Гьаб къисаялда жаниб жидеца аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ инкар ккурал гIадамазе вагIза гьабулеб буго, гьездаса цере ккун женаз аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ иман лъей бицун. Суратальул ахиралда хирияв аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ амро гьабулеб буго цересел аварагзабаца عَلَيْهِمُالسَّلَامُ гьабураб гIадин дуцаги сабро гьабе, гьел капурал гIадамазе жинца гIазаб гьабизе букIин хIакъаб буго абунги.*

*Гьаб сураталда цIар лъун буго «суратул ахIкъаф» абун. ГIадилазул къавм букIараб бакIалъул цIар буго гьеб. Гьезул бицен бугелъул гьаб сураталда жаниб, гьел рукIараб бакIалъул цIар лъун буго сураталда.*

*Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

حمٓ ١

**1. ХIа. Мим.**
ТIадегIанав Алагьасда лъала гьаб кIиго хIарфалдалъун бугеб жиндир мурад.

تَنزِيلُ ٱلۡكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡحَكِيمِ ٢

**2. Гьаб хирияб Къуръан рештIине гьаби жиндир гуч бергьарав, жиндир гIелмулъай хIакимияв ТIадегIанав Аллагьасдаса буго.**

مَا خَلَقۡنَا ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَآ إِلَّا
بِٱلۡحَقِّ وَأَجَلٖ مُّسَمّٗىۚ وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ عَمَّآ أُنذِرُواْ
مُعۡرِضُونَ ٣

**3. Дица зобалги ракьги ва гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъги бижичIо хIакъаб жоялдалъун гурони ва жиндие цIараб заман щвезегIан гурони.**
**Гьаб махлукъ жинца бижарав Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар кколел гIадамал жидее кьолеб хIинкъиялдаса руссун чIун руго.** Ахират букIинги гьениб жидер гIамалалъе жазаъ гьабизе букIинги жидеда бицараб мехалъ гьелда божулел гьечIо.

قُلۡ أَرَءَيۡتُم مَّا تَدۡعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ أَرُونِي
مَاذَا خَلَقُواْ مِنَ ٱلۡأَرۡضِ أَمۡ لَهُمۡ شِرۡكٞ فِي
ٱلسَّمَٰوَٰتِۖ ٱئۡتُونِي بِكِتَٰبٖ مِّن قَبۡلِ هَٰذَآ أَوۡ أَثَٰرَةٖ
مِّنۡ عِلۡمٍ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ٤

**4. Дуца гьезда абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**: «Нужеца дида бице, нужеда лъалеб батани: Нужеца Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **тун жидее лагълъи гьабулел гьал хъанчаца щиб жо бижараб гьаб ракьалда тIад бугеб махлукъалдаса?. Яги гьел хъанчаз гIахьаллъи гьабуниш ТIадегIанав Аллагьас зобал рижунеб мехалъ?**
**Гьаб нужеца гьабулеб ширк битIараблъун гьабулеб цониги тIехь босун рачIаха нуж гьаб Къуръаналдаса цебе жиб рештIине гьабураб, яги цересел умматаздаса хутIараб гIелму-хIужжа бачунги рачIаха нуж битIарал ратани гьеб нужеца гьабулеб ширкалъулъ»-абун.** ГьечIо гьезие цониги хIужжа-далил. Киналго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ритIарал аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ, рештIине гьарурал тIахьалги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIулел, купру-ширк батIул гьабулел руго.

وَمَنۡ أَضَلُّ مِمَّن يَدۡعُواْ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَن
لَّا يَسۡتَجِيبُ لَهُۥٓ إِلَىٰ يَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ وَهُمۡ عَن
دُعَآئِهِمۡ غَٰفِلُونَ ٥

**5. Жиндир къосин гучав чи щивха вукIинев жинца Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **живго тун щибго жиндир ахIи рагIуларел ва жиндие жаваб кьоларел хъанчазе лагълъи гьабулев чиясдаса? Къиямасеб**

**къо щвезегIан ахIаниги гьез жаваб кьоларо ва жидеда гьал мушриказул жидеда ахIи ва жидее лагълъи гьаби лъаларо.**

Гьел алагьзаби ругелъул мушриказул квераз гьарурал жидер рухI ва гIакъло гьечIел ганчIил, яги цоги жоялъул суратал ва къаркъалаби.

وَإِذَا حُشِرَ ٱلنَّاسُ كَانُوا۟ لَهُمْ أَعْدَآءً وَكَانُوا۟ بِعِبَادَتِهِمْ كَٰفِرِينَ ۝٦

**6. Къиямасеб къоялъ гIадамал тIаде рахъине гьарун махIшаралда хIисаб мизан гьабизе ракIарараб мехалъ гьел хъанчал ва цогидал алагьзаби гьал жидеца ширк гьабуразул тушбабилъун рукIине руго ва гьез инкар гьабизе буго жидее лагълъи гьабиялда.**

ТIадегIанав Аллагьас рухI гьечIел хъанчалги кIалъазе гьарула гьел мушриказе нугIлъи гьабун. РухI бугел алагьзабиги (гIадамал, малаикзаби, хIайваналги) кIалъазе гьарула. Гьезги инкар гьабула жидее лагълъи гьабичIин абун. Гьаб нугIлъи гьабиялъе гIилла буго мушрикаца гьезие лагълъи гьабун букIин жидеца гьел алагьзабилъун ккун, гьез жидее лагълъи гьабуразул щибго гIайибги гьечIого, гьез жидее лагълъи гьабе абунги абичIого. Ва амма пиргIавн гIадал жал алагьзаби ругин абун кIалъарал гIадамал гьез инкар гьабунин абун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса рорчIуларо, гьел жидеца лагълъи гьабуралгун цадахъ жужахIалъур рукIуна. Гьеб жужахI боркьулеб цIуллъун мушриказ жидер квераз гьарурал хъанчал ва цогидал алагьзабиги рукIуна.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتُنَا بَيِّنَٰتٍ قَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لِلْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ هَٰذَا سِحْرٌ مُّبِينٌ ۝٧

**7. Жидее дир Къуръаналъул баянал аятал цIалараб мехалъ жидеца хIакъаб жоялда, гьеб жидехъ щун хадуб, инкар кколел гIадамаз абулеб буго: «Гьаб жо баянабго сихIро буго»-абун.**

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ إِنِ ٱفْتَرَيْتُهُۥ فَلَا تَمْلِكُونَ لِى مِنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا ۖ هُوَ أَعْلَمُ بِمَا تُفِيضُونَ فِيهِ ۖ كَفَىٰ بِهِۦ شَهِيدًۢا بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ ۖ وَهُوَ ٱلْغَفُورُ ٱلرَّحِيمُ ۝٨

**8. Инкар чаг1аца абулебищ бугеб гьаб Къуръан МухIаммадица صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ургъараб жо бугин абун? Дуца гьезда абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: «Гьеб Къуръан дица ургъун бугони ва дица гьелдалъун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIунтIизе гьабун гьереси бицунеб батани, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца дие гIазаб гьабизе бугев ва нужер щибго гьунар букIине гьечIо гьеб гIазаб дидаса нахъ чIвазе.**

Дие щибго квер бакъи гьабизе кIоларел нуж сабаблъун дица Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб дида щолеб иш кин гьабулеб?

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда цIакъ лъалев вуго нужеца гьеб**

**Къуръаналъул хIакъалъулъ рицунел гьересиял харбал.** Гьеб сихIро буго абун, гьереси буго абун, шигIру буго абун. **Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIезе вуго нужееги диеги нугIлъун.** Гьес нугIлъи гьабизе буго нужер кинабго батIулаб хабаралъе ва гIамалалъе. Гьес дие нугIлъиги гьабизе буго дун жинца рисалат босун витIарав хIакъав авараг вугин абун. **Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жидеца тавбо гьабурал гIадамазул мунагьал чурун гьездаса жив тIаса лъугьунев, жив цо гьавун, жиндие гIибадат бацIад гьабулел муъминзабазда жив гурхIулев.** Нужецаги тавбо гьабуни ва гьеб купру-ширкги тун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялда нуж руссани Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер тавбо къабул гьабула ва нужер мунагьалги чурула.

قُلْ مَا كُنتُ بِدْعًا مِّنَ ٱلرُّسُلِ وَمَآ أَدْرِى مَا
يُفْعَلُ بِى وَلَا بِكُمْ ۖ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰٓ إِلَىَّ وَمَآ
أَنَا۠ إِلَّا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٩﴾

**9. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : «Дун гьечIо тIоцевесев авараг гьаб дунялалда вачIарав, ва дун вачIун гьечIо гьел аварагзабаца عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ бачIинчIеб цоги батIияб динги босун.**

Дидаса цере ТIадегIанав Аллагьас гIемерал аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIана. Гьел аварагзабацаги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер умматал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие лагълъи гьабиялда ахIана. Дунги гьезда релълъарав авараг вуго, дир динги гьезулалда релълъараб буго. Гьаб амро гьадин бугеб мехалъ нужеца дида инкар щай кколеб?.

**Дида лъаларо ТIадегIанав Аллагьас дие щиб гьабилеблъи ва нужее щиб гьабилеблъиги.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму-къадар гьесда кодоб буго ва гьеб цоги чиясе загьир гьабуларо. **Дун нахъвилълъарав вуго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дида вахIю гьабураб жоялда. Дун вуго нужее хIинкъи кьолев Расул, дие баянал хIужжаби ва загьирал мугIжизаталги ругев.** Нужеца иман лъуни нужеего лъикI буго. Иман лъечIони дие гьелъул щибго кварилъи гьечIо. Щивав инсанасе жиндир гIамалалда релълъараб жазаъ гьабизе буго. Нужееги нужер гIамалалда релълъараб жазаъ гьабила Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ .

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن كَانَ مِنْ عِندِ ٱللَّهِ وَكَفَرْتُم بِهِۦ
وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّنۢ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ عَلَىٰ مِثْلِهِۦ
فَـَٔامَنَ وَٱسْتَكْبَرْتُمْ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ
ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٠﴾

**10. Дуца гьезда жегиги абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : «Нуж ургъун рихьеха ва нужеца дида бице, гьаб Къуръан Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам батани ва нужеца гьелда инкарги ккун бугони нужер щиб хIалха букIине бугеб гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ цере чIараб къоялъ» – абун.**

**Бануисраилазул гIалимчияс нуг1лъи гьабуна гьаб Къуръан битIараб букIиналда ва гьес иманги лъуна. Нуж гьаб Къуръаналда иман лъезе чIухIулел руго. Гьеб иш гьабулел гIадамал жидеца зулму гьабулел гIадамал рукIуна. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьас гьединаб залимаб ва зулмуяб халкъ хIакъаб исламияб диналда тIоритIуларо.**

Гьаб аяталда жиндир бицен гьабурав Бануисрилазул гIалимчи ГIабдуллагь ибну Салам вуго. Мадинаялда авараг ﷺ вачIараб мехалъ жив гьесухье вачIарав ва гьесда иман лъурав. Гьасул хIадис нилъеца цебехун бицун букIана.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لِلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَوۡ كَانَ
خَيۡرٗا مَّا سَبَقُونَآ إِلَيۡهِۚ وَإِذۡ لَمۡ يَهۡتَدُواْ بِهِۦ
فَسَيَقُولُونَ هَٰذَآ إِفۡكٞ قَدِيمٞ ﴿١١﴾

**11. Жидеца инкар ккурал мушрикаца муъминзабазул хIакъалъулъ абуна: «Гьез иман лъураб жо хIакъаб ва лъикIаб жо букIараб ани, гьел нижедасан цере ккезе рукIинчIо гьеб иман лъеялда»-абун.**

Гьеб буго жидер чIухIи ва гIамал кIодолъи загьир гьабулеб рагIи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда тIоцебе иман лъуразда гьоркьор Билал асхIаб, ГIаммар, Ссугьайб, Хаббаб рукIиндал, жидеда Аллагь разилъаял, гьел киналго жал лагъзаллъун рукIарал пакъирал, загIифал гIадамал рукIиндал абуна мушрикаца доб чIухIараб рагIи. **Жидеца гьеб Къуръаналда иман лъечIелъул ва жал гьелда нахъги рилълъинчIелъул, гьез абизе буго: «Гьаб Къуръан аварагас ﷺ ургъараб гьереси бугин»-абун.** Цересел тIахьаздаса босун МухIаммадица ﷺ бицунеб гьереси буго гьебан абуна Маккаялъул мушрикаца.

وَمِن قَبۡلِهِۦ كِتَٰبُ مُوسَىٰٓ إِمَامٗا وَرَحۡمَةٗۚ
وَهَٰذَا كِتَٰبٞ مُّصَدِّقٞ لِّسَانًا عَرَبِيّٗا لِّيُنذِرَ
ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ وَبُشۡرَىٰ لِلۡمُحۡسِنِينَ ﴿١٢﴾

**12. Гьаб Къуръаналдаса цебе рештIине гьабураб буго Муса аварагасе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ кьураб Тавраt. Гьеб рештIине гьабун букIана жинда нахърилълъаразе рахIматлъун ва гьел хIакъаб диналда тIоритIулеб имамлъунги.**

Гьал мушрикал жидее хIакъаб жо къваригIарал гIадамал рукIаралани гьеб Тавраталда нахъ рилълъинаан ва гьелда жаниб жиндир сипат бицарав ахир заманаялъул авараг МухIаммадги ﷺ жидеца ритIухъ гьавилаан. **Гьаб хирияб Къуръанги жиндир къадро кIудияб тIехь буго, жинца церехун рукIарал аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьезда рештIизе гьарурал тIахьалги ритIухъ гьарулеб буго. ГIараб мацIалда жиб рештIизе гьабурабги буго гьаб Къуръан. Жинца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ ахираталдаги инкар ккурал залимзабазе жужахIалъул**

**гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва жидеца иман лъурал лъикIал гIадамазе алжаналдалъун роххелги бицине.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ قَالُواْ رَبُّنَا ٱللَّهُ ثُمَّ ٱسۡتَقَٰمُواْ فَلَا خَوۡفٌ عَلَيۡهِمۡ وَلَا هُمۡ يَحۡزَنُونَ ١٣

**13. Х1акълъунго гьел муъминзаби, жидеца: «Нилъер БетIергьан Аллагь вуго»-абун абурал, хадур гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда жал ритIунги чIарал, гьал муъминзаби руго жидее ахираталда щибго хIинкъи букIине гьечIел ва дунял тIаса анин абун жал пашманлъизеги гьечIел.**

أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَنَّةِ خَٰلِدِينَ فِيهَا جَزَآءَۢ بِمَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٤

**14. Гьел руго алжаназул бетIергьаби, жал даимго рукIинелъун алжаназулъ лъугьине гьарулел. Гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIоб рахIмат буго гьезие жидеца дунялалъул рукъоб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун гьабураб лъикIаб гIамалалда данде бугеб жазаъ.**

وَوَصَّيۡنَا ٱلۡإِنسَٰنَ بِوَٰلِدَيۡهِ إِحۡسَٰنًاۖ حَمَلَتۡهُ أُمُّهُۥ كُرۡهٗا وَوَضَعَتۡهُ كُرۡهٗاۖ وَحَمۡلُهُۥ وَفِصَٰلُهُۥ ثَلَٰثُونَ شَهۡرًاۚ حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ أَشُدَّهُۥ وَبَلَغَ أَرۡبَعِينَ سَنَةٗ قَالَ رَبِّ أَوۡزِعۡنِيٓ أَنۡ أَشۡكُرَ نِعۡمَتَكَ ٱلَّتِيٓ أَنۡعَمۡتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ وَٰلِدَيَّ وَأَنۡ أَعۡمَلَ صَٰلِحٗا تَرۡضَىٰهُ وَأَصۡلِحۡ لِي فِي ذُرِّيَّتِيٓۖ إِنِّي تُبۡتُ إِلَيۡكَ وَإِنِّي مِنَ ٱلۡمُسۡلِمِينَ ١٥

**15. Дица инсанасда васият гьабуна жинца эбел инсуе лъикIлъи гьабе абун. Гьев инсан эбелалъ цIакъ захIмалъи къварилъи бихьун жиндир чохьонив ваччана, гьев гьавиги гьелъие гьединабго захIматаб,** хвалида хIинкъараб **амро букIана. Чохьониб лъимер баччарабги, хадуб гьеб каранда хахизе гьабурабги заман лъеберго моцI букIана.**

Гьаб кинабго заманаялъ эбелалъ гIемер къварилъи баччула гьеб лъимер сабаблъун. Гьаб аяталдаса гIалимзабаца далил босана лъимер чохьониб букIунеб заманалъул бищун дагьаб заман анлъго моцI буго абун. Тохтурзабазул гIелмуялъги абулеб буго анлъго моцI бан хадуб гьабураб лъимер чIаго хутIиялда божи бугеб букIуна абун.

**Цинги гьев инсан кIудияв гIураб мехалъ ва жиндир гIакълоги, къуватги камиллъулеб гIужалдаги вахараб мехалъ:** гьеб буго анцIила микьго соналдаса лъеберго соналда щвезегIан заман. **Цинги жиндир гIумру кIикъого соналда бахараб мехалъ гьев инсанас абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дида лъазе гьабе дица щукру гьабулеб куц дуца дие кьурал кIудиял нигIматазда данде ва дир эбел имсуе кьурал нигIматазда дандеги. Дица мун разилъулеб**

**лъикIаб гIамал гьабизеги лъазе гьабе дуца дида. Мун разияб лъикIаб зурриятги кье дие. Х1акълъунго Дица тавбо гьабун дун дуде вуссана ва дун тIубанго дуе мутIигIав дур лагълъун лъугьана» абун.**

Гьаб аяталъ муъминчиясул хIал баян гьабулеб буго ва киналго муъминзаби кантIизе гьарулел руго кIикъого сон бараб мехалъ гьев чи гIакъло камилав чи вукIунеблъиялда ва гьеб заманаялъги жинца тавбоги гьабун жив Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ вуссинчIони гьелдаса хадуб жив хIакъаб диналда вуссин щакаб иш букIиналдаги.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Лъабкъого сон бараб мехалъги жинца мунагьал гьарулев чиясда Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *ццим бахъуна ва гьесда т1ад х1ужаги ч1ола»*-абун.

Инсан тавбо гьабиялде вачиналъе сабаб буго гьев жиндир эбел имсуе лъикIлъи гьабулев вукIин. Гьев инсан эбел имсуда гурхIараб мехалъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гьесдаги гурхIула ва гьев жив разияб гIамал гьабиялда вачуна. Гьаб масъалаги цIакъ бичIчIизе кколеб ва жиндир кIвар гьабизе кколеб масъала буго.

Хирив аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ хIадисалда буго: *«Жив гурхIуларев чиясда Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *гурхIуларо»*-абун. Х1адис имам Бухарияс бицана. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги нилъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхIел-рахIмоялдаса ратIалъиялдаса.

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ نَتَقَبَّلُ عَنۡهُمۡ أَحۡسَنَ مَا عَمِلُواْ وَنَتَجَاوَزُ عَن سَيِّـَٔاتِهِمۡ فِيٓ أَصۡحَٰبِ ٱلۡجَنَّةِۖ وَعۡدَ ٱلصِّدۡقِ ٱلَّذِي كَانُواْ يُوعَدُونَ ١٦

**16. Гьал цере рехсарал муъминзаби руго Дица жидеца гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабулел ва Дица гьезул мунагьалги тIаса лъугьун толел. Алжаналъул бетIергьабазда гьоркьор рукIине руго гьал муъминзаби. Гьаб жазаъ жидее буго Дица гьабун букIараб ритIухъаб къотIи тIубазе гьаби.**

Хириял аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ ритIун гьезул мацIалдалъун Дица муъминзабазе къотIи гьабун букIана гьел алжаналда лъугьине гьарилин абун.

وَٱلَّذِي قَالَ لِوَٰلِدَيۡهِ أُفّٖ لَّكُمَآ أَتَعِدَانِنِيٓ أَنۡ أُخۡرَجَ وَقَدۡ خَلَتِ ٱلۡقُرُونُ مِن قَبۡلِي وَهُمَا يَسۡتَغِيثَانِ ٱللَّهَ وَيۡلَكَ ءَامِنۡ إِنَّ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقّٞ فَيَقُولُ مَا هَٰذَآ إِلَّآ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ١٧

**17. Жинца жиндир эбел-инсуда «Нужее квеш букIаял» -абун абулев инсан гьез жив иман лъеялда ахIараб мехалъ. Хадубги жинца абулев: «Нужеца дие къотIийиш гьабулеб бугеб, дун хун хадув тIаде вахъине гьавизе вугин абун, дидаса цере гIемерал умматал ана ва гьезул жеги тIаде вахъине гьавурав цониги чи гьечIо!»-абун. Гьесул эбел эменги ругеб хIалалъ жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **ахIи**

**балел гьев иманалда тIовитIе абун. Жидеца гьев инсанасдаги абулел ругел: «Вай дуе лъикI букIаяв! Дуца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъе!** Дуца ахират букIинги, хварал тIаде рахъизе гьариги ритIухъ гьабе!. Гьедин гьабичIони мун гьалаглъизе вуго, дуе жужахIалъул гIазабги хIакълъизе буго. **ХIакълъунго Аллагьасул къотIи жиб хIакъаб буго, жиндие хилифлъи гьечIебги буго»-абун.** Гьев инсанас, гьадинаб берцинаб вагIза насихIат бищунго жинда гурхIулел гIадамаз жиндие гьабураб мехалъ, жив чIухIун, гьел эбел имсул мугъ бекизе гьабун, абула: **«Гьаб нужеца дие бицунеб жо гьечIо цереселго гIадамаца рицунел рукIарал, гьез ургъарал гьерсал гурони!»-абун.**

أُولَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ حَقَّ عَلَيۡهِمُ ٱلۡقَوۡلُ فِيٓ أُمَمٖ قَدۡ خَلَتۡ مِن قَبۡلِهِم مِّنَ ٱلۡجِنِّ وَٱلۡإِنسِۖ إِنَّهُمۡ كَانُواْ خَٰسِرِينَ ١٨

**18. Гьал гIадамал руго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи жидее хIакълъарал.** Гьеб рагIиги гьел жужахIалъул цIадар рукIунел гIадамад руго абураб рагIи буго.

**Гьел жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго жидедаса цере рукIарал гIадамазулги женазулги капурзабигун цадахъ. ХIакълъунго Гьел киналго руго жал ахираталда цIакъ чIорого хутIарал гIадамал**. Жидеца гьелда иман лъолеб букIинчIелъул ва гьелъие щибго гIамалги гьабичIелъул.

وَلِكُلّٖ دَرَجَٰتٞ مِّمَّا عَمِلُواْۖ وَلِيُوَفِّيَهُمۡ أَعۡمَٰلَهُمۡ وَهُمۡ لَا يُظۡلَمُونَ ١٩

**19. Ахираталда щивав инсанасе жинца гьабураб гIамалалда рекъараб даража букIине буго.**

Муъминзабазе алжаназда жанир тIадегIанал макъамал рукIине руго. Капурзабазеги жужахIалда жанир гIодорегIанал даражаби рукIине руго. **Гьел киназего Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **тIобараб ва камилаб жазаъ гьабизе буго. Гьезул цонигиясе зулмуги гьабизе гьечIо:** Жидер лъикIаб гIамал дагь гьабун яги жидеца гьабичIеб квешаб гIамал тIаде цIикIкIине гьабун.

وَيَوۡمَ يُعۡرَضُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ عَلَى ٱلنَّارِ أَذۡهَبۡتُمۡ طَيِّبَٰتِكُمۡ فِي حَيَاتِكُمُ ٱلدُّنۡيَا وَٱسۡتَمۡتَعۡتُم بِهَا فَٱلۡيَوۡمَ تُجۡزَوۡنَ عَذَابَ ٱلۡهُونِ بِمَا كُنتُمۡ تَسۡتَكۡبِرُونَ فِي ٱلۡأَرۡضِ بِغَيۡرِ ٱلۡحَقِّ وَبِمَا كُنتُمۡ تَفۡسُقُونَ ٢٠

**20. Къиямасеб къоялъ капурзаби жужахIалде раккизе гьарулеб гIуж рехсе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, дуца гьел мушриказе вагIзалъун. ЖужахIалъул пардав борхун капурзаби гьелда гIагар гьарураб мехалъ гьезда бадиб чIвай гьабун абула: Нужеца дунялалда ругеб мехалъ нужеего кколел нигIматаздаса мунфагIат босана.**

Кинабниги гьуинаб лазатаб тIагIам кванана, тамахаб босада регана, руччабаздаса кеп босана, лъимал хъизаналъулгун рекIел гьей гьабуна,

боцIи-малалдалъун чIухIана. Нужеца ахираталда иман лъолеб букIинчIо, гьеб нужеда ракIалдаго щолеб букIинчIо ва гьелъие нужеца щибго гIамалги гьабичIо. **Жакъа нужеда чIамизе гьабизе буго нуж цIакъ гIодорегIан гьарулеб, хIакъир гьарулеб жужахIалъул гIазаб, нуж дунялалда чIухIун хьвадиялъе жазаълъун, нуж чухIизе щибго сабабги букIинчIого.** Гьеб кинабго махлукъ Дир халкъ букIана, нужеца лазат босулел нигIматалги Дир рукIана. Дир нигIматаздаса лазатги босун нуж чIухIизе ккани щиб сабаб букIунеб? **Ва нужеца ракьалда тIаде гьабураб г1асилъи фасикълъиялдаги данде бугеб жазаъ буго гьеб гIазаб.** Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъечIого, гьесул махлукъалъе зулму гьабун хьвадана нуж. Гьанже гьаб буго ахираб чIолеб бакI ва ахираб руссунеб бакIги»-абун.

* وَٱذۡكُرۡ أَخَا عَادٍ إِذۡ أَنذَرَ قَوۡمَهُۥ بِٱلۡأَحۡقَافِ وَقَدۡ خَلَتِ ٱلنُّذُرُ مِنۢ بَيۡنِ يَدَيۡهِ وَمِنۡ خَلۡفِهِۦٓ أَلَّا تَعۡبُدُوٓاْ إِلَّا ٱللَّهَ إِنِّيٓ أَخَافُ عَلَيۡكُمۡ عَذَابَ يَوۡمٍ عَظِيمٖ ﴿٢١﴾

**21. Гьал мушриказе дуца бице МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Гьуд аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ къисаги, ГIàдилазда жив авараглъун витIун вукIарав. Гьев Гьуд аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир къавмалъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдалъун хIинкъи кьуна АхIкъаф абураб ракьалда жал рукIарал.**

Гьеб буго Яманалъул ракь салул мугIрул гIадаб ракь букIана гьеб ралъдада гIагарда бугеб.

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев Гьуд аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ цереги гIемер аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIана, гьесдасан хадурги ритIана.** Гьел киназулго дин Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави букIана. **Гьудица жиндир къавмалъе хIинкъи кьун абуна: «Нужеца лагълъи гьабуге цохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони! Х1акълъунго Дун хIинкъулев вуго нужеда къиямасеб къоялъул гIазаб щвела абун нужеца Аллагьасдехун ширк гьабуни ва гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIицI гьабун гIибадат гьабичIони»-абун.**

قَالُوٓاْ أَجِئۡتَنَا لِتَأۡفِكَنَا عَنۡ ءَالِهَتِنَا فَأۡتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ﴿٢٢﴾

**22. Гьудил къавмалъ абуна: «Мун нижехъе вачIунищ вугев ниж нижерго алагьзабазе гьабулеб лагълъиялдаса руссине гьаризе! Мун нижее гIазаб букIине бугин абураб рагIиялъулъ битIараб жо бицунев ватани, мун вачIаха нижехъе гьеб дуца къотIи гьабураб гIазабги бачун»-абун.**

قَالَ إِنَّمَا ٱلۡعِلۡمُ عِندَ ٱللَّهِ وَأُبَلِّغُكُم مَّآ أُرۡسِلۡتُ بِهِۦ وَلَٰكِنِّيٓ أَرَىٰكُمۡ قَوۡمٗا تَجۡهَلُونَ ﴿٢٣﴾

**23. Гьуд аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ абуна: «Х1акълъунго гьеб гIазаб кидал нужее гьабилеб Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъала. Гьев**

**вуго жинца гIазаб гьабулев. Дун вуго Аллагьас ﷻ дида тIад къараб рисалат нужехъе щвезабулев Аллагьасул ﷻ расул. Кинниги дида нуж рихьулел руго цIакъ жагьилаб къавмлъун.** Нужеца Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса цIуни гьаризе кколеб бакIалда гьеб гIазаб бачун вачIайин абулеб буго дида.

فَلَمَّا رَأَوْهُ عَارِضًا مُّسْتَقْبِلَ أَوْدِيَتِهِمْ قَالُوا۟ هَٰذَا عَارِضٌ مُّمْطِرُنَا ۚ بَلْ هُوَ مَا ٱسْتَعْجَلْتُم بِهِۦ ۖ رِيحٌ فِيهَا عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٢٤﴾

**24. Цинги жидеда цо накIкI бихьараб мехалъ жидер ракьалдахун зобал цIун бачIунеб гьез абуна: «Гьаб буго нилъее цIад базе бачIунеб накIкI»-абун. Амма гьеб цIад базе бачIунеб накIкI букIинчIо. Гьеб буго нужеца жиб бачIин тIалаб гьабула букIараб Аллагьасул ﷻ гIазаб.**

**Гьеб буго кутакаб гьури, жибгун цадахъ жинца цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб бугеб.**

تُدَمِّرُ كُلَّ شَىْءٍۭ بِأَمْرِ رَبِّهَا فَأَصْبَحُوا۟ لَا يُرَىٰٓ إِلَّا مَسَٰكِنُهُمْ ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِى ٱلْقَوْمَ ٱلْمُجْرِمِينَ ﴿٢٥﴾

**25. Аллагьасул ﷻ амруялдалъун жиб тIаде щвараб щинаб бакI жинца гьалаг гьабулеб гьури буго гьеб. Аллагьас ﷻ гьел ГIàдилал гьалаг гьарун тIагIине гьаруна ва гьезул нахъе хутIараб жо буго жидер чIунтарал росаби.**

**Гьадинаб жазаъ гьабула Дица жидеца купру-ширкалдалъун мунагьал гьарулел гIадамазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас гьуриялдалъун гьалаг гьарурал къавмазул тIоцересел ГIàдилал рукIана. Гьеб гьороца гIадамалги, хIайваналги хIули гIадин зодоре росун унел ркIана жал рихьулареб бакIалда щвезегIан, цинги гIодоре рехун ракьалда тIад тIутIун, тиршун унел рукIана»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидасаги хIадис бицана. Гьелъ абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда накIкI бихьараб мехалъ, яги кутакаб гьуриниги бихьараб мехалъ гьесул гьумералда хIинкъиялъул гIаламат лъалеб букIана. ГIаишатица цо нухалъ аварагасда ﷺ абуна: «Я Бичасул расул! ГIадамал рохула накIкIги гьуриги бихьараб мехалъ жидее цIад балин абун. Мун щай гьелъ хIинкъизе гьавулев?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я ГIаишат! Гьеб накIкIалдаги гьуриялдаги цадахъ гIазаб батунгутIиялда божуларо дун. Аллагьас ﷻ цо къавм гьалаг гьабуна гьуриялдалъун, жидеда гьебги кколеб букIана жидее цIад*

*базе бачIунеб накIкI буго»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

وَلَقَدْ مَكَّنَّٰهُمْ فِيمَآ إِن مَّكَّنَّٰكُمْ فِيهِ
وَجَعَلْنَا لَهُمْ سَمْعًا وَأَبْصَٰرًا وَأَفْـِٔدَةً فَمَآ أَغْنَىٰ
عَنْهُمْ سَمْعُهُمْ وَلَآ أَبْصَٰرُهُمْ وَلَآ أَفْـِٔدَتُهُم
مِّن شَىْءٍ إِذْ كَانُوا۟ يَجْحَدُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَحَاقَ
بِهِم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ٢٦

**26. Х1акълъунго Дица гьел ГIàдилазе дунялалда нужее кьечIеб къуватги, бечелъиги, гIумру халалъиги кьун букIана, я гьал Маккаялъул гIадамал! Дица гьезие beралги рижана хIакъаб жо бихьизе, гьеб рагIине гIундулги гьаруна. ХIакъабжоялъул пикру гьабизе, гьеб лъазе ракIалги кьуна. Ва амма гьез Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятазде инкар ккураб мехалъ, гьесул аварагги гьереси гьавураб мехалъ, гьезие щибго мунфагIат гьабичIо беразги, гIундузги, ракIазги.**

**Гьезда тIад рештIана аварагас жиндалъун хIинкъи кьолеб букIараб ва гьез жиб махсароде гьабулеб букIараб гIазаб.**

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا مَا حَوْلَكُم مِّنَ ٱلْقُرَىٰ
وَصَرَّفْنَا ٱلْـَٔايَٰتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ٢٧

**27. Х1акълъунго цогиги нужер сверухъ рукIарал росабазул къавмалги гьалаг гьаруна дица.** Самудиял, Сабаалъулал, ЛутIил къавм, ва цогидалги.

**Гьезие батIи батIиял гIаламатал ва мугIжизаталги рихьизе гьарун хадуб. Гьел жидер купру-ширкалдаса руссине бокьун ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда расине бокьун.**

فَلَوْلَا نَصَرَهُمُ ٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِ
ٱللَّهِ قُرْبَانًا ءَالِهَةًۢ بَلْ ضَلُّوا۟ عَنْهُمْ وَذَٰلِكَ
إِفْكُهُمْ وَمَا كَانُوا۟ يَفْتَرُونَ ٢٨

**28. Гьеб гIазаб ва гьалаглъи жидеда бачIараб мехалъ гьел Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъарал къавмазе квер бакъи гьабун букIарабаниха жидеца алагьзабилъун ккун рукIарал хъанчаз ва цогидалги жалаз.**

Гьез жидее шафагIат гьабизе бугин абун, жал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIагар гьаризе ругин абун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьабизе кколеб лагълъи жидеца гьел алагьзабазе гьабулеб букIарал! Жидеца мушриказе щибго квер бакъи гьабичIо гьезда тIаде гIазаб рештIараб мехалъ. **Гьел алагьзаби рикIкIалъана бищунго жидеда хIажалъи ккараб мехалъ. Цересел къавмазда щвараб гIазаб ва гьалаглъи букIана жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккве й сабаблъун, гьесие гIахьалчагIи руго абун гьереси бицун хъанчазе лагълъи гьаби ва Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъиги сабаблъун.** Гьал Муккаялъул мушриказул гIамалги гьел цересел капурзабазул гIамалалда релълъараб буго. Гьаз тавбо гьабичIони ва Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссинчIони гьалги гьалаг гьаризе бегьулин абураб

магIна буго гьал аятазул.

وَإِذْ صَرَفْنَآ إِلَيْكَ نَفَرًا مِّنَ ٱلْجِنِّ يَسْتَمِعُونَ
ٱلْقُرْءَانَ فَلَمَّا حَضَرُوهُ قَالُوٓا۟ أَنصِتُوا۟
فَلَمَّا قُضِىَ وَلَّوْا۟ إِلَىٰ قَوْمِهِم مُّنذِرِينَ ﴿٢٩﴾

**29. Дица духъе женазул цо къукъа битIараб заманги бице МухIаммад ﷺ дуца гьеб къавмалъе вагIазалъун букIине. Гьел женаз гIин тIумуна дуца цIалараб Къуръаналда.**

**Жал Къуръан цIалулеб бакIалда щвараб мехалъ гьез цояз-цоязда абуна: «Нуж руцIцIун чIа, ва нуж гьаб Къуръаналда гIенекке»-абун.**

**Цинги Къуръаналда гIин тIамун хадуб гьел женал жидерго къавмазухъе ана ва гьез гьел къавмазе хIинкъи кьуна нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа абун.** Жидеца гьаб Къуръаналда иман лъун, аварагги ритIухъ гьавуна ва гьеб рисалат жидер къавмалъухъе щвезабизе, гьел Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялда ахIизе ана.

قَالُوا۟ يَٰقَوْمَنَآ إِنَّا سَمِعْنَا كِتَٰبًا أُنزِلَ مِنۢ
بَعْدِ مُوسَىٰ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ يَهْدِىٓ
إِلَى ٱلْحَقِّ وَإِلَىٰ طَرِيقٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٣٠﴾

**30. Гьел женаз жидер къавмазда абуна: «Я нижир къав! Х1акълъунго ниж гIенеккана Муса аварагасдаса عَلَيْهِ السَّلَامُ хадуб жиб рештIине гьабураб тIехьалда. Гьеб тIехьалъ жиндасан ццебеккун рештIине гьабураб Тавратги ритIухъ гьабулеб буго.**

**Гьеб тIехь буго жинца хIакъаб диналда ва битIараб исламияб нухалдаги тIоритIулеб.**

يَٰقَوْمَنَآ أَجِيبُوا۟ دَاعِىَ ٱللَّهِ وَءَامِنُوا۟ بِهِۦ
يَغْفِرْ لَكُم مِّن ذُنُوبِكُمْ وَيُجِرْكُم مِّنْ عَذَابٍ
أَلِيمٍ ﴿٣١﴾

**31. Нужеца гьав жинца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ахIулев расуласе жаваб кье я нижер къавм! Нужеца гьев МухIаммадида ﷺ иманги лъе!.**

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужер цересел мунагьал чуризе руго ва нуж квешаб гIазабалдасанги цIунизе руго.**

وَمَن لَّا يُجِبْ دَاعِىَ ٱللَّهِ فَلَيْسَ بِمُعْجِزٍ فِى
ٱلْأَرْضِ وَلَيْسَ لَهُۥ مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءُ أُو۟لَٰٓئِكَ
فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٣٢﴾

**32. Жинца гьав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ахIулев чиясе жаваб кьечIев ва гьесда иман лъун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабичIев чи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса ворчIизе гьечIо, гьесие ракьалда тIад вахчизе бакIги букIине гьечIо.**

**Гьезие Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев цоги Вали ва квер бакъунев чиги вукIине гьечIо. Гьел руго цIакъ баянаб къосиналъулъ ругел гIадамал»-абун.**

Гьал женал Къуръаналда гIенекки бицун, гьез жидецаго иман лъей

ва жидер къавмалги иман лъеялда ахIи бицинги буго Маккаялъул мушриказе гьабулеб вагIза ва бадиб чIвай.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул Къуръан цIалиялда женал гIенеккиялъул бицун, ибну Касирица гIемер хIадисал рехсон руго ва гьел киналго хIадисал загIипал руго абунги буго. Байзави абулев гIалимас абуна: «Гьел женал аварагас ﷺ Къуръан цIалиялда гIенеккараб заман букIанин гьев ТIаифалъул гIадамал иман лъеялда ахIизе ун, гьез къабул гьавичIого нахъе чIван хадуб, «вади ннахлат» абулеб бакIалда сардилъ как балеб мехалъ гьесда женаз гIин тIамураб заман»-абун.

Гьал аятаздаса гIалимзабаца далил босана Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг женаздаги витIарав вукIана абун. Цинги гIалимзаби хилифлъана ахиралталда женал кир рукIунел абун. Цо гIалимзабаца абуна гьел хIисаб мизан гьабун хадур ракьлъун лъугьун тIагIуна абун. Цогидал гIалимзабаца абуна: Гьезул иман лъурал алжаналда рукIуна, иман лъечIел жужахIалда рукIула абун. Гьаб рагIи битIараб буго абуна гIемерисел гIалимзабаца.

أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّ اللَّهَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَمْ يَعْيَ بِخَلْقِهِنَّ بِقَادِرٍ عَلَىٰ أَنْ يُحْيِيَ الْمَوْتَىٰ ۚ بَلَىٰ إِنَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٣٣﴾

**33. Гьал гIадамаз пикру гьабуларищ ва жидеца Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ, ахиралталдаги инкар кколел гIадамазда лъаларищ х1акълъунго жинца гьал зобалги ракьги бижарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, ва гьел рижулаго жинда щибго захIмалъиги бихьичIев, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин жинда хун хадур гIадамал чIаго гьарине ва тIаде рахъизе гьарине кIолев?**

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго кинабго жоялда жиндир х1ал кIолев ва жиндие бокьараб жо гьабизе жив щибго жоялъ нахъ чIваларев.**

وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِينَ كَفَرُوا عَلَى النَّارِ أَلَيْسَ هَٰذَا بِالْحَقِّ ۖ قَالُوا بَلَىٰ وَرَبِّنَا ۚ قَالَ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُونَ ﴿٣٤﴾

**34. Дуца гьел гIадамазе бице МухIаммад ﷺ, капурзаби тIаде рахъине гьарун жужахIалда раккизе гьарулеб къоялъул хабар. Гьел капурзабазда абула: «Гьанжеги гьечIишха гьаб ахиратги, гьаб жужахIги хIакъаблъун?»-абун. Гьез жаваб гьабула:**

**«Буго гьеб хIакъаб, нижер БетIергьан, дур цIаралдалъун гьедула ниж, гьеб битIараб букIин чIезе гьабун»-абун.** Гьаб гьа гьеди буго жидедаса гIазаб нахъе чIваялда хьул лъун гьабулеб гьа гьеди. **Гьезда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан абула: «Гьанже нужеца гьаб гIазаб чIамеха дунялалда нужеца гьелда инкар ккун букIин сабаблъун»-**

**абун.** Аллагьасда ﷻ гьез инкар ккун букIана, аваргазабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарун рукIана, ахират букIиналда ва хIисаб-мизан, жазаъ букIине букIиналдаги гьел божулел рукIинчIо. Гьеб кинабго инкаралъе ва Аллагьасда ﷻ гIасилъиялъе бугеб жазаъ буго гьеб абадияб жужахIалъул гIазаб

فَٱصْبِرْ كَمَا صَبَرَ أُو۟لُوا۟ ٱلْعَزْمِ مِنَ ٱلرُّسُلِ وَلَا تَسْتَعْجِل لَّهُمْ ۚ كَأَنَّهُمْ يَوْمَ يَرَوْنَ مَا يُوعَدُونَ لَمْ يَلْبَثُوٓا۟ إِلَّا سَاعَةً مِّن نَّهَارٍۭ ۚ بَلَٰغٌ ۚ فَهَلْ يُهْلَكُ إِلَّا ٱلْقَوْمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ﴿٣٥﴾

**35. Дуца сабро гьабе МухIаммад** ﷺ**, дудаса цере рукIарал жал машгьурал, жидер къасдал шулиял аваргзабаца** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **сабро гьабураб гIадин.** Гьел руго Ибрагьим, НухI, Муса, ГIиса аваргзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ. **Дуца гьел мушриказда гIазаб хех бачIа абун дугIаги гьабуге. Гьезда гьеб гIазаб щвей хIакъаб буго. Гьеб гIазаб жидеда бихьараб мехалъ гьел мушриказда ракIалда ккезе буго жал дунялалда чIаго рукIинчIо абун цохIо къоялъцин.** Жидеда гIазабалъул гуч бихьараб мехалъ ва гьеб гIазаб нахъасан къотIи гьечIеб ва тIаса ин гьечIебги букIин лъараб мехалъ абула мушрикаца: «Ниж дунялалда цо т1обараб къоялъцин ч1аго рук1инч1о»-абун. **Гьаб Къурьан буго нужехье хIакъаб дин щвезабулеб ва нужее ахираталъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолеб ТIадегIанав Аллагьасул калам. Аллагьас** ﷻ **гьалаг гьари ва жидер ахир тIагIине гьаби гьабуларо жидеца Аллагьасда** ﷻ **инкар ккурал, жидер зулму ва пасикълъи гIемераб къавмалъе гурони.**

Аллагьас ﷻ гIазаб гьабичIого къавмал нахъе рахъун толеб гIадат буго гьез тавбо гьабилародай абун ва гьел Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда русинародай абун. Гьез тавбоги гьабичIеб мехалъ, гьезул зулму ва гIасилъиги гIемерлъараб мехалъ Аллагьас ﷻ гьезие гIазаб гьабула ва гьел гьалаг гьарун гьезул ахир къотIизе гьабула.

Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги гьесул ццим бахъунеб гIамал гьабиялдаса.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул АхIкъафалъул тафсир ва таржама хьван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе ﷻ буго.

# 47. Сурату МухIаммад

سُورَةُ مُحَمَّدٍ

*Гьаб сурат Мадинаялда рештIине гьабураб бугелъул гьелда жаниб шаргIиял ахIкамал рициялъул кIвар гьабулеб буго. Гъазаваталъул, асирзабазул, давла (гъаниматалъул) бицун буго. Мунафикъзабазул сифаталги рицун руго.*

*Сураталъул бай бихьудасаго капурзабазда рагъ лъазе гьабулеб буго: Жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналдаса гIадамал нахъе чIвалел. Жидеца хирияв аварагги ﷺ гьереси гьавун гьесул дагIваталъе нух къазеян жал хьвадулел.*

*Гьаб ракь купру-ширкалдаса бацIизегIан рагъ гьабе абун амро гьабулеб буго муъминзабазда. Капурзабазул къуват хвезегIан, гьел данде рагъизе кIоларел лъугьизегIан гьезда хвалчен кьабе, цинги гьел асир гьаре ва гьезул бечелъи гъаниматалъун гьабе абун лъазе гьабулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ.*

*Гъазаваталда бергьизе ккани ва дунялалдаги къадроялда рукIине ккани Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадат бацIад гьабизе ккей баян гьабун буго. Маккаялъул мушриказе вагIзалъун ццересел умматал гьалаг гьариялъул биценги гьабун буго. Сураталъул ахиралдаги муъминзаби ахIулел руго жидее хиралъи ва кIодолъи бугеб нухалда хьвадиялда. Гьеб нухги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьаби буго, капурзабаздаса хIинкъунгутIи, гьездаса загIиплъун гутIиги буго. Дунялалъул чIаголъиялъе гIоло капурзабазулгун рекъел гьабиялдасаги цIуне абун абулеб буго.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ أَضَلَّ أَعۡمَٰلَهُمۡ ١

**1. Жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал, гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналдаса цогидал гIадамалги нахъе чIварал гIадамал руго жидеца гьабураб лъикIаб гIамал тIагIине гьабурал, гьеб батIул гьабурал гIадамал.**

Ахираталда жидее гьеб гIамалалъул щибго кири батуларо, гьеб гIамал Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло гьабураб букIинчIелъул. Гьеб букIана жидерго жагьилияб гIадаталда рекъон гьоболасе хъулухъ гьаби, вакъарасе тIагIам кьей, гIагарлъиялда гурхIел гьаби гIадаб гIамал. Гьединго букIана жидеда гьоркьоб лъикIаб гIамаллъун рикIкIун мадугьаласе

адаб хъатир гьаби, асирзаби тархъи гIадал гIамалалги.

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَءَامَنُوا۟ بِمَا نُزِّلَ عَلَىٰ مُحَمَّدٍ وَهُوَ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّهِمْ كَفَّرَ عَنْهُمْ سَيِّـَٔاتِهِمْ وَأَصْلَحَ بَالَهُمْ ﴿٢﴾

**2. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал, жидеца МухIаммад аварагасда ﷺ рештIине гьабураб Къуръаналдаги иман лъурал: Гьеб Къуръанги щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб, жиб хIакъаб жидер БетIергьан Аллагьасул калам буго. Гьал гIадамазул Аллагьас جل جلاله мунагьал чурула ва гьезул хIалги лъикI гьабула динияб рахъалъан ва дунялалъул рахъалъанги.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ٱتَّبَعُوا۟ ٱلْبَٰطِلَ وَأَنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّبَعُوا۟ ٱلْحَقَّ مِن رَّبِّهِمْ ۚ كَذَٰلِكَ يَضْرِبُ ٱللَّهُ لِلنَّاسِ أَمْثَٰلَهُمْ ﴿٣﴾

**3. Гьаб хIукму гьадин букIиналъе сабаб буго капурал гIадамал рукIин жал батIулаб жоялда нахърилълъарал. жидеца иман лъурал гIадамал рукIинги Аллагьасул جل جلاله рахъалъан бугеб хIакъаб диналда нахърилъарал. Гьадин мисалал рачун Аллагьас جل جلاله гIадамазда бичIине гьабула жиндир дин:** гьез пикру гьабизе ва вагIза босизе.

فَإِذَا لَقِيتُمُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَضَرْبَ ٱلرِّقَابِ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَثْخَنتُمُوهُمْ فَشُدُّوا۟ ٱلْوَثَاقَ فَإِمَّا مَنًّۢا بَعْدُ وَإِمَّا فِدَآءً حَتَّىٰ تَضَعَ ٱلْحَرْبُ أَوْزَارَهَا ۚ ذَٰلِكَ وَلَوْ يَشَآءُ ٱللَّهُ لَٱنتَصَرَ مِنْهُمْ وَلَٰكِن لِّيَبْلُوَا۟ بَعْضَكُم بِبَعْضٍ ۗ وَٱلَّذِينَ قُتِلُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ فَلَن يُضِلَّ أَعْمَٰلَهُمْ ﴿٤﴾

**4. Нужеда капурал гIадамал рагъда данде чIвараб мехалъ нужеца гьезул габуралда хвалчен кьабе!** Гьел чIвае ва гьезда кутакаб кьаби щвезабе! **Цинги нужеца гьел гIемер чIван, лъукъун нужеда данде рагъизе кIоларел гьарураб мехалъ нужеца гьел асир гьарун квараз рухьун щула гьаре! Гьелдаса хадуб нужее бокьани гьезие цIоб рахIмо гьабе ва гьел асирлъиялдаса хвасар гьаре чIорого: мухь босичIого. Бокьани боцIи-мал босун хвасар гьаризеги бегьула.**

Гьаб хвасар гьаризе бегьиялъе шартI буго гьел капурзабазул къуват-шавкат хун букIин ва нилъеда данде рагъизе кIолорел лъугьун рукIин. Гьеб магIна загьир гьабун Аллагьас جل جلاله абулеб буго: **«Нуж гьезда рагъе гьел капурзаби къун нужеца ярагъ гIодоб лъезегIан ва нужеда тIад букIараб рагъалъул бакIлъи тIасса инегIан»**-абун.

Гьаб бусурбабаздаги капурзабаздаги гьоркьоб бугеб рагъ лъугьулеб заман буго тIобанго бусурбабиги бергьун ракьалда тIад Аллагьасул جل جلاله шаригIатги билълъанхъизабун, гьеб шаргIалда рекъон хIукму гьабулеб замана. Гьеб замана бачIизегIан жинца жив бусурманчилъун рикIкIунев, жинца Аллагьасдаги جل جلاله ахираталдаги иман лъурав чиясда тIадаб жо буго Аллагьасул جل جلاله диналъе гIоло гъазават гьабулевлъун

вукIин. Гьев чи вукIуна хIакъикъияв муъминчи. Гьаб рагъдаса рорчIине багьана батизе гьабулел, жигьад тIадаб гьечIо абулел гIадамал руго жидер ракIазулъ мунафикълъи бугел гIадамал. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ цIунаги гьел мунафикъзабилъун рукIиналдаса.

**Гьаб цебехун рехсараб амро буго муъминзабаздаги капурзабаздаги гьоркьоб бугеб. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьарабани гьесда кIолаан нуж рагъизего тIамичIого капурзабаздаса ццим босине. Киниги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб хIукму-къадар** гьабуна гьелда жаниб бугеб хIикматалъе гIоло. Гьеб хIикматги буго: **Нужер цоязул цогидаздалъун хIал бихьи гьаби.** Муъминзабазул капурзабаздалъун хIал бихьи гьабизе. Нужеда жигьад гьабе абун амро гьабуна, халкъалдаго загьирлъун лъазе нужер Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIункъулел, иманалъулъ ратIухъал гIадамал ва жидер рекIелъ унти бугел гIадамалги: жидер иман загIифал, мунафикъал гIадамал. **Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло вагъулаго шагьидлъарав чиясул гIамал батIул гьабуларо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ**. Гьезие гIемерго цIикIараб ажро гьабула.

سَيَهۡدِيهِمۡ وَيُصۡلِحُ بَالَهُمۡ ٥

**5. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел муъминзаби жидее мунфагIат бугеб жоялда тIоритIула.**

Гьезие лъикIаб гIамал гьабизе тавфикъ гьабун, алжанал гьезие щолеб нухалда тIоритIула. **Гьезул дунялалъулги ахираталъулги амроги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъикI гьабула.**

وَيُدۡخِلُهُمُ ٱلۡجَنَّةَ عَرَّفَهَا لَهُمۡ ٦

**6. Ахираталда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел щивасе лъазе гьабураб алжназда жанирги лъугьизе гьарула.**

Щивав муъминчи жиндир чIолеб бакIалда жанив лъугьула дунялалда жиндир рукъов лъугьулев вукIарав гIадин.

Цоги магIна гьабуна: Гьуин махIал гьарун чIухIизе гьарун жидее къачIарал алжаналъуре лъугьизе гьарула гьел муъминзаби абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِن تَنصُرُواْ ٱللَّهَ يَنصُرۡكُمۡ وَيُثَبِّتۡ أَقۡدَامَكُمۡ ٧

**7. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе квер бакъи гьабулеб бугони Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее квер бакъи гьабула ва нуж рагъда хIинкъичIого рукIине гьунарги кьола.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فَتَعۡسٗا لَّهُمۡ وَأَضَلَّ أَعۡمَٰلَهُمۡ ٨

**8. Жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкарги ккун жал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналде данде рагъунел гIадамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел гIодогIан гьареги ва хIакъир гьареги!**

Гьел руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидер кинабго гIамал батIул гьабулел

гIадамал. Гьел ругелъул щайтIаналъе мутIигIлъун, гьелъул нухда лъугьун ва гьелъул боязда гъорлъги лъугьун Аллагьасдеги جَلَّجَلَالُهُ, гьесда иман лъурал муъминзабаздаги данде рагъулел гIадамал.

**9. Гьеб квешаб дугIа ва гIодогIанлъи гьезие буго жидее Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рештIине гьабураб Къуръан рихун бугелъул.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَرِهُوا۟ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَٰلَهُمْ ⑨

Жидер гIамал къабул гьабиялъе шартI буго гьел иман лъурал рукIин. **Жидеца иманги лъечIого гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIададе хвараблъун гьабула.**

ТIадегIанав Аллагьас капурзабазда рагъ бае абун амро гьабурал гьал аятазда жаниб цо чанго шаргIияб хIукму баян гьабун буго ва муъминзаби рагъулъ бергьиялъе сабабалги рицун руго.

*ТIоцебесеб хIукму буго:* Гьел капурзабазул габуралда кьабе абураб рагIиялъул магIна буго гьел чIвае ва хекого холеб хIал гьабе абураб. Гьеб габур къотIараб мехалъ хвел хехго бачIула ва жив чIварасе гIазаб дагьлъула. Инсанасе гIазаб гьаби шаргIалда цIакъ нахъе чIвараб амро буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ сифатаздаса сифат буго: «ГурхIулев» абураб. Гьеб сифат муъминчияс хIалтIизабизе ккола киналго хIалазулъ. Муъминчиясда бичIине тIадаб жо буго гьаб кинабго мухлукъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ мулк букIин. Гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ мулкалъе зулму гьабулев чи Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ вокьуларо. КъватIул гьвей бугониги, борохь-кьинчI бугониги жиб чIвазе кколеб, инсанасе зарал гьабулеб жо чIвазе ккола гьелъие гIазаб гьабичIого.

Капурчи вугониги гьев чи вуго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир махлукъалъул бищунго хириявлъун вижун вугев инсан. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъи сабаблъун гьев чIвазеги, гьесда рагъ гьабизеги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъее изно кьун бугониги, гьезие гIазаб гьабе абун амро гьабун гьечIо. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амро гьабичIеб жо гьабураб мехалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъиялда гьоркье ккеялда хIинкъи букIула. Жидеда Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъаларел, капурал, мунафикъал гIадамаца муъминзабазе гьабулеб зулму, гьезие гьабулеб гIазаб Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бихьулеб ва лъалеб амро буго, гьелда данде БетIергьанас гьезие гьабулеб гIазабалдаса нилъ цIунаги.

Жидер вахIшилъи ва зулму ритIухъ гьабизе капураб къавмалъ гIадамазе рицунел маргьаби ричIуларел гIадамал гIемер ругониги, гьезул сиясаталъ (политика) гуккурал гIадамаз гьез гьабулеб г1амал ритIухъ гьабулеб бугониги, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее бич1чIи кьурал, жидер ракIазулъ иманалъул нурги лъурал муъминзабазда гьеб кинабго г1амал бихьулеб буго ва гьел муъминзабазул таваккал тIами ва хьул лъей ТIадегIанав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ квер бакъиялда буго.

<u>КIиабилеб хIукму буго:</u> Гьел капурзабазулго рагъ гьабулеб мехалъ гьезул къуват хвезегIан, гьел данде руссунарел лъугьизегIан гьезул рагъухъаби чIвае ва гьезда кутакаб хIинкъи щвезабун гьел мукIур гьарун накабаде ккезе гьаре абун амро гьабулеб буго ТIадегIанав Аллагьас. Гьедин гьабичIого гьезул боцIи-малалъе гIоло, гьезул асирзабазе гIоло рагъ чIезе тани гьел капурзабазда нилъер загIиплъи лъала, нилъер ният бацIадаб гьечIеблъиги бихьула ва цIидасан нилъеда данде рагъ гьабизе гьел ургъула.

<u>Лъабабилеб хIукму буго:</u> Гьел асирзаби имамасул амроялда гъокье рукIула ва гьес бусурбабазе мустахIикъаб хIукму гьабизе ккола. Гьесул ихтияралда буго гьел асирзаби чIвазе. Жал чIвазе бегьулел асирзаби руго нилъеда данде рагъизе кIолел бихьинал. Херал, загIипал гIадамал чIваларо, гьездаса бусурбабазе хIинкъи гьечIони. Масала: жидер гIакълоялдалъун, хIиллаялдалъун зарал гьабулел гьечIони. Руччаби лъималги чIваларо. Гьел асирзаби лагъзалъун тезеги бегьула жигьад гьабурал гIадамазе гъаниматалъе рикьун гьезул лагъзаллъун рукIине. Гьел тархъизеги бегьула боцIи-мал босун, яги щибго жо босичIого.

<u>Ункъабилеб хIукму буго:</u> Гьаб жигьадалъул амро тIаса унаро ва гьалъие ахирги букIунаро ракьалда тIад тIубанго цо Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабулеб исламияб дин букIинегIан, купру ширкги къезегIан.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьанже нилъее рагъизе амро бачIун буго. Дир умматалдаса цо къукъа кидаго тIаса ине гьечIо жал капурал гIадамазда тIаде бергьунеллъун. Гьездалъун Аллагьас ﷻ капурал гIадамазул ракIалги хIинкъизе гьарулел. Жидеца гьел капурзабазда рагъ балел, жидер ризкъиги гьеб рагъдаса бугел. Гьаб хIал букIине буго къиямасеб къо бачIинегIан»* – абун. (хIадис къокъ гьабун хъвараб буго). ХIадис имам Аннасаияс бицана.

Цогиги гIемерал хIадисал руго гьаб жигьад тIадаб букIин ва гьалъул хIукму къиямасеб къо щвезегIан хисулареб букIин баян гьабулел.

<u>Щуабилеб хIукму буго:</u> Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло вагъулаго хварав, яги гьеб Аллагьасул ﷻ нухалда квер бакъулаго хварав чиясе Аллагьас ﷻ ажро кири гIемерго цIикIине гьабула ва гьезул цониги гIамал гIададе хвараблъун гьабуларо. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Шагьидлъун хварав чиясе Аллагьас ﷻ анлъго гьесда хасаб лъикIлъи кьола: Гьесул бидул къатIра гIодобе тIинкIарабго гьесул киналго мунагьал чурула, гьесда жив алжаналда вукIунеб бакIги бихьизе гьабула, гьесие хIурулгIинзаби руччабилъун кьола, къиямасеб къоялъул хIинкъиялдаса гьев божаравлъун вукIуна. Хабал гIазабалдасаги гьев божаравлъун вукIуна. Гьесда тIаде иманалъул*

*курхьиналги хола»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Гьесул бетIералда тIад жавгьар якъутаз къачIараб тажги лъола»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Гьесул киналго мунагьал чурула инсанасе бугеб налъи хутIинегIан»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Гьесие лъабкъоялда анцIго жиндие гIагарав чиясе шафагIат гьабизе изноги кьола»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Гьел шагьидзабазул цIакъ кIудиял макъамал рицун руго, гьел мустахIикъалги руго ТIадегIанал макъамазе. Гьез бищунго инсанасе хираяб рухI бичун бугелъул Алагьасул диналъе гIоло.

Жинда Аллагь разилъаяв абу-Гьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Аллагьасе ﷻ гIоло гъазаваталда вукIун жинда ругьнал щварав чи къиямасеб къоялъ тIаде вахъизе гьавула гьел ругьназдаса жиндир кьер биялъул, жиндир махI мискалъул бугеб би бачIунеб бугеб хIалалъ»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьеб шагьадат щвезе ккани жиндирго нафс хIинкъиялдаса ва дунял бокьиялдаса хвасар гьабизе ккола, жив Аллагьас ﷻ вижарав гьесул лагъ вукIин ва жиндие гьев Аллагь ﷻ разилъиялдаса тIадегIанаб макъам гьечIеблъи бичIизе ккола. Гьеб макъамалда муъминчи вахараб мехалъ ва гьес Аллагьасул диналъе гIоло къеркьезе ният гьабураб мехалъ гьев мужагьидазул мохъилъе ккола. Гьеб бацIадаб ниятaлда жив хвараб мехалъ шагьидзабигун цадахъги ккола. Гьелъие далил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадис: *«Жинца ракI бацIадго шагьадат тIалаб гьабурав чиясе Аллагьас ﷻ гьеб шагьадаталъул макъам кьола, жив бусада хваниги»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьаб жигьад гьаби ва шагьидлъи щвей тIадегIанаб макъам букIин бичIчIизе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб цохIо хIадис гIела.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«МухIаммадил* ﷺ *нафс кодоб бугев Аллагьасдалъун гьедулев вуго дун: БичасхIаги дие бокьилаан дун гъазават гьабулаго чIвазе, цингиги тIаде вахъизе гьавун гъазават гьабулаго чIвазе, цингиги тIаде вахъизе гьавун гъазават гьабулаго чIвазе»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

*<u>Анлъабилеб хIукму буго:</u>* «Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рагъунел муъминзабазул ният бацIадаб букIин, иман камилаб букIин, Аллагьасдасан ﷻ хIинкъарал, гьесие тIагIат гIибадат гьабиялда

тIаде чIарал рукIин. Гьединал муъминзабазе букIула Аллагьасул ﷻ тушбабазда тIад бергьенлъи, гьезул ракIги Аллагьас ﷻ бахIарчияб гьабула, гьезул къуват-рухIги цIикIине гьабула. Гьеб гъазават гьабиялда тIад Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал гIалимзаби рукIине ккола жидеца кинабго амро шаргIалда боцунел ва гьеб шаргIалъул нухалдаса бахъараб жо гьабизе жидеда гъокь ругел мужагьидал толарел.

Жидеца гъазават гьабула буго абун щибго жо жидеда лъаларел, гьанжего гьанже иман лъурал гIолохъаби бусурбабазул минаби кьвагьизаризе къватIире лъугьин Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло гьабулеб гъазават букIунаро. Гьеб букIула щайтIаналъ гуккун, бусурбабазул цо къукъа цоги къукъаялда багъизе гьабулеб заман. Гьеб буго исламалда жаниб фитна тIибитIараб ва гIелму-диналъул нур тIагIараб заман.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абун буго: «Дие бокьиларо ункъазарго капур чи жанив вугеб цо хъала бахъизе цIохIо муъминчиги хун»-абун. Цо ахIмакъал гIадамал руго цо капурчи хвезе гьавулаянги абун анцIго бусурманчи чIвалел!.

Аллагьасе ﷻ гIоло гъазават гьабизе ният бацIадав чиясда гьаб амро цIакъ бичIчIизе тIадаб амро буго. Жинда хIукму лъачIо абун инсан жаваб кьеялдаса ворчIуларо. Жив гъазават гьабизе къватIиве вахъилелде ццебе жинца лъазе гьабизе тIадаб буго гьеб гъазават гьабулеб шаргIияб хIукму, яги гьесда тIад вукIине ккола жиндир иманалда, диналда божизе бегьулев машгьурав имам ва гIалим. Аллагьас ﷻ цIунаги нилъ Аллагьасе ﷻ гIоло гъазават гьабулеллъунги рукIун, Аллагьасул ﷻ ццим бахъиялда гъокь ккезе.

Аллагьасул ﷻ диналъе квер бакъи буго жинца гIелму цIалиги, гьеб битIун лъазе гьабун цогидазда малъиги, хIакъаб жоялдалъун амро гьабиги, квешаб жоялдаса нагью гьабиги, жинца гьабизе ккараб бакIалда нугIлъи гьабиги, бусурбабада гьоркьоб маслахIат гьабиги, гьезул хIажатал тIуралевлъун вукIинги. Жиндир гьава нафсалда рагъги бан, щайтIаналъул нухалги рикIкIад гьарун, Аллагьасе ﷻ тIагIат-гIибадат гьабиялда черхги куцан гьелдаса хадув гурони инсан щоларо Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рухI бичунеб макъамалда.

Гьаб макъамалда щвезе гIемераб заман къваригIуларо. Аллагьас ﷻ иманалъул нур кьурав чияс цохIо къоялъ къотIула гьал киналго макъамал ва гьев шагьидлъун хвезеги бегьула. Аллагьас ﷻ жиндие бахьи буголъи кьечIев чи тIубараб гIумруялъ гьел макъамал къотIула абун вукIула ва щибго Аллагь ﷻ разилъулеб гIамал гьабиялдаги вахичIого хабалъе уна. Аллагьасул ﷻ хIикматал цIакъ кIудиял руго! Инсан кантIизе хIужа-далилалги гIорхъи-рахъ гьечIого гIемерал руго.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ хIакъаб жо бихьулел, рагIулел, бичIчIулеллъун гьареги. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъ жал беццал, гIинкъал, ахIмакъал капурзабилъун гьаругеги: амин.

﴿أَفَلَمْ يَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَيَنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَـٰقِبَةُ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۖ دَمَّرَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ ۖ وَلِلْكَـٰفِرِينَ أَمْثَـٰلُهَا ﴿١٠﴾﴾

**10. Гьал капурал гIадамал ракьалда тIаде хьвадуларищ? Гьез пикруги гьабуларищ жидедаса цере рукIарал къавмазул ахир киндай ккана абун.**

Жидеца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIассилъи гIемер гьабураб мехадъ, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ русулалги гьереси гьарураб мехалъ **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел къавмал гьалаг гьаруна.** Гьезул боцIи-малги хъизан-лъималги минаби-кIалгIабиги кинабго кIала гъокье чIвазе гьабун цоцаде жубазе гьабун ракьалда сверизе гьабуна. **Гьал Маккаялъул капураб агьлуялъеги дол къавмазе гьабуралда релълъараб гIазаб ва гьалглъи гьабизе кIола ТIадегIанав Аллагьасда.**

﴿ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ مَوْلَى ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَأَنَّ ٱلْكَـٰفِرِينَ لَا مَوْلَىٰ لَهُمْ ﴿١١﴾﴾

**11. Гьадинаб гучаб гIазаб ва гьалаглъи капурзабазда щвезабиялъе сбаб буго х1акълъунго Т1адег1анав Аллагь вук1ин муъминзабазул Вали.**

**Жинца гьезул умуразул тадбир гьабулев ва гьезие квербакъи гьабулев. Ва х1акълъунго гьал капурал г1адамал рукIинги жидер милат гьабулев вали гьечIел гIадамал.** ХIакъикъияв Вали Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьез инкар ккун буго. Гьесда инкарги ккун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги щибго жидер гьунар гьечIел, жидер рухI ва гIакъло гьечIел, гьел мушриказул квераз гьарурал хъанчал руго, яги гьел мушриказдаго релъараб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъ буго. ТIадегIанав Аллагь вуго жидеца иман лъурал гIадамазул Вали, ва гьезие квербакъи гьабулев, гьезул тадбир гьабулев гьезул БетIергьан.

﴿إِنَّ ٱللَّهَ يُدْخِلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّـٰلِحَـٰتِ جَنَّـٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَـٰرُ ۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يَتَمَتَّعُونَ وَيَأْكُلُونَ كَمَا تَأْكُلُ ٱلْأَنْعَـٰمُ وَٱلنَّارُ مَثْوًى لَّهُمْ ﴿١٢﴾﴾

**12. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьас жидеца иманги лъун, аварагзабазда** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби Жидеда жаниса гIорал чвахулел алжаналда жанир лъугьизе гьарула. Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал капурзаби** ва мушрикал **гьаб дунялалъул рукъор хIайванал гIадин жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нигIматал кванан гьездаса лазат босулел рукIула, жидерго гьава-нафсалъул мурадал тIуразе гьарула рукIула.** Гьезие цоги щибго жоялъул пикруги

букIунаро, жидерго чехьалъулги черхалъулги мурад тIубай гуреб. Жидее нигIматал кьолев, жидее сахлъи кьолев, жал рижарав ва хвезе гьарулев БетIаргьан Аллагь вукIиналъул гьез пикру гьабуларо, гьесул нигIматазда щукроги гьабуларо. **Гьаб къавмалъул руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго.** ЦIакъ квешаб руссунеб бакI ва цIакъ квешаб абадияб рукъ буго гьеб.

وَكَأَيِّن مِّن قَرْيَةٍ هِيَ أَشَدُّ قُوَّةً مِّن قَرْيَتِكَ ٱلَّتِيٓ
أَخْرَجَتْكَ أَهْلَكْنَٰهُمْ فَلَا نَاصِرَ لَهُمْ ﴿١٣﴾

**13. ЦIакъ гIемерал росаби руго МухIаммад ﷺ, гьаб жиндир къавмалъ мун къватIиве вахъизе гьавураб Маккаялдаса жал кIудиял, жидер агьлоги къуват-гуч бугел рукIарал, Дица гьел росабазул агьлаби гьалаг гьарурал ва жидее квер бакъизе щивго чиги вукIинчIел.** Дица гьаб Маккаялъул агьлоялъеги гьединабго гIазаб гьабила ва гьезие вукIине гьечIо жинца квер бакъулев чи.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагжинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабгун цадахъ «Савро» абулеб нохъокье лъабго къоялъ рахчунги рукIун, гьениса къватIире лъугьун гьижра гьабун Мадинаялда унеб мехалъ Маккаялдехун вуссун, гьелъулгун кьолъикI гьабун аварагас абуна: «Мун буго Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *бищун бокьулеб шагьар. Мун буго диеги бищунго бокьулеб шагьар. Дур къавмалъ дун къватIиве вахъизе гьавун вукIинчIевани дун гьаниса къватIиве вахъине вукIинчIо»* – абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна (13 аят).

أَفَمَن كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّهِۦ كَمَن زُيِّنَ لَهُۥ سُوٓءُ
عَمَلِهِۦ وَٱتَّبَعُوٓاْ أَهْوَآءَهُم ﴿١٤﴾

**14. Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахьалъан хIакъаб нухалда вугев ва битIараб диналда вугев чи релълъун вукIинищ жиндирго квешаб гIамал жиндие щайтIаналъ берцинаблъун бихьизе гьабун хьвадулев чиясда? Жидер гьаваялда нахъ рилълъун жидеца гьеб гьаваялъе лагълъиги гьабулел. Гьал кIиялго гIадамал цоцада релълъун рукIунаро.**

مَّثَلُ ٱلْجَنَّةِ ٱلَّتِي وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ فِيهَآ أَنْهَٰرٌ مِّن مَّآءٍ
غَيْرِ ءَاسِنٍ وَأَنْهَٰرٌ مِّن لَّبَنٍ لَّمْ يَتَغَيَّرْ طَعْمُهُۥ وَأَنْهَٰرٌ
مِّنْ خَمْرٍ لَّذَّةٍ لِّلشَّٰرِبِينَ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ عَسَلٍ مُّصَفًّى
وَلَهُمْ فِيهَا مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ وَمَغْفِرَةٌ مِّن رَّبِّهِمْ
كَمَنْ هُوَ خَٰلِدٌ فِى ٱلنَّارِ وَسُقُواْ مَآءً حَمِيمًا فَقَطَّعَ
أَمْعَآءَهُمْ ﴿١٥﴾

**15. Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **хIинкъарал гIадамазе жиб кьотIи гьабураб алжаналъул мисал буго: Жинда жаниса жиб бацIадаб, жиндир кьер-махI хисулареб лъималъул гIорал лъарал хьвадулел берцинал ахазул мисал. Гьединалго жиб бацIадаб жиндир тIагIам хисичIеб рахьдал гIоралги жанисан чвахунел, жиб гьекъолеб**

**мехалъ жиндир тIагIам лазатаб ва жиб гьекъезе бокьулеб хамродал гIоралги чвахулеб. Жиб бацIадаб гьоцIоялъул гIоралги чвахулеб.**

**Гьел муъминзабазе алжаназда жаниб гьезие бокьараб щинаб пихъги букIула. Гьел нигIматазда тIадеги муъминзабазе алжаналда жаниб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи ва гьесул гурхIел-рахIмоги букIула.** Алжаналда жанир лъугьун хаду муъминзабадаса кинабго таклиф тIасса уна, гьезие щибго жоялъул ургъел-къварилъи букIуларо. ТIадегIанав Аллагьас гьел муъминзабазда абула: «Дица нужеда тIаде Дун разилъи биччалеб буго. Нужеда тIокIаб Дир ццим бахъи бихьизе гьечIо»-абун. ТIадегIанав Аллагьас алжаналда жанир рукIине руго абун муъминзабазе къотIи гьарурал батIи-батIияп нигIматал ва гьекъолел жал гьаб дунялалда ругезда релъарал рукIуларо. Гьезул берцинлъи, гьуинлъи, кьер ва махI лазатаб, берги ракIги боххулеб букIуна. Нилъеда гьел жегиги рихьун гьечIелъул, нилъеда гьезул сипат бицине лъаларо, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIадат бугелъул инсанасда бичIулеб мацIалъ гьесда хитIаб гьабулеб, жинца абулеб буго: «Алжаналда жанир гьацIулги жадулги, рахьадалги гIорал руго»-абун. Амма нилъеда дагьабго пикру гьабуниги лъазе ккола гьеб жа абулеб жо дунялалда бугеб гIадаб жиндир махIги квешаб, жиб гьекъон хадуб бетIерги унтулеб, черхги тохлъулеб жо гьечIеблъи. Гьеб цIибилги цIун я цоги пихъги цIун гьабураб жо гьечIеблъиги. Гьебго мисал буго рахьал ва гьоцIоялъул. Гьел нигIматазул цIарал нилъеда лъалел ругониги гьезул тIагIам ва лазат нилъеда лъаларо.

**Гьал берцинал ва хириял нигIматал жидее ругел муъминзаби релълъун рукIилишха жив жужахIалда жанив лъугьизе гьавурав капурчиясда? Жидеда бухIараб, махIцараб хIамимги гьекъезе гьабулел, гьеб хIамималъ жидер бакьалги къотI-къотIун ралеб.** РукIуларо гьел гIадамал цоцаде релъун.

**16. Гьел гIадамаздаса цо къукъа буго жал дуда аскIор ругеб мехалъ дуца бицунеб хабаралда гIенеккун рукIунел. Цинги дуда аскIоса рахъун араб мехалъ жидеца жидее гIелмулъай кьурал асхIабзабаде абулел: «Гьав МухIаммадица صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ щиб жо бицунеб букIараб гьанже нилъеда»-абун.**

وَمِنْهُم مَّن يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ حَتَّىٰٓ إِذَا خَرَجُوا۟ مِنْ عِندِكَ قَالُوا۟ لِلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ مَاذَا قَالَ ءَانِفًا ۚ أُو۟لَـٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ طَبَعَ ٱللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَهْوَآءَهُمْ ﴿١٦﴾

Гьал руго мунафикъзаби. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул рекIелъ иманалъул нур рехун гьечIелъул, жал хирияв аваргасда аскIор гIодорги чIун, гьес

бицунеб жоялда гIеннеккун ругониги, жидеда гьеб бичIунеб гьечIо. Гьез гьикъулеб буго цогидал асхIабзабазда: Жидеда Аллагь разилъял ибну МасгIудида, ибну ГIаббасида: «щиб жо гьав МухIаммадица ﷺ бицулеб букIараб?»-абун. Гьал мунафикъзаби рукIин бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьел руго Аллагьас ﷻ жидер ракIазда мугьру чIварал гIадамал,** гьезул ракIазулъ иман лъугьуларо. **Гьел руго жидерго гьава-нафсалда нахърилълъун ругел гIадамал.** Гьезда кигIан гIемер бицаниги хIакъаб жоги бич1чIунаро.

Гьал мунафикъзабиги жакъа ругел мунафикъзабиги щибго цоцадаса батIалъи гьечIел руго. Г1адамазе рихьизе гIоло жалги бусурбаби руго абун гьезда гьоркьорги хьвадула, гьел гIадамазе как базе масжидалдаги рачIула, ва амма жидеда хIакъаб жо бицараб мехалъ гьеб жидер напсазе данде кколеб гьечIони жал хIакъаб жоялда нахъ рилълъуларо. Гьелда данде чIун, гьеб хвезе гьабулезул мухъилъе лъугьула.

ХIакъаб жо гIемерисеб мехалъ инсанасул нафсалъе бокьулареб букIула. ХIакъаб жо бокьулеб макъамалда инсан вахизе ккани гьес жиндирго нафс къезе гьабизе ккола. Гьеб нафс къезеги гьабун Аллагьасе ﷻ бокьараб жоялъе мутIигIаблъун гьабураб мехалъ гьев инсан вуго жив хIакъаб жоялда нахъвилълъулев ва жиндие гьеб бокьулев. Гьаб макъамалда вахарав муъминчиясе Аллагьасе ﷻ бокьараб гуреб жо бокьуларо ва гьесда кIоларо Аллагь ﷻ разилъулареб гIамал гьабизе дов жиндир нафсалда нахъвилълъарасда кIолареб гIадин гьеб нафсалъе бокьулареб гIамал гьабизе.

**17. Жал хIакъаб диналда тIоритIарал муъминзабазе гьев аварагасул ﷺ каламалда г1енеккиялъ Аллагьас ﷻ жегиги тIоритIел цIикIине гьабула.**

وَٱلَّذِينَ ٱهۡتَدَوۡاْ زَادَهُمۡ هُدٗى وَءَاتَىٰهُمۡ تَقۡوَىٰهُمۡ ١٧

**Гьезие тавфикъ гьабула лъикIаб гIамал гьабизе, гьезие Аллагьасдаса ﷻ хIинкъиги кьола.**

Гьал аятазул магIна буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзабазе гьабулеб вагIза-насихIат киназего гIаммаб хIалалъ гьабула: Амма гьелдаса мунфагIат боси щивав чиясул нафсалда релълъараб букIула. Аллагьги ﷻ, аварагги ﷺ вокьарав чиясе гьеб вагIза-насихIаталъ лъикIаб асар гьабула, гьезул иманги жегиги цIикIула, гьел Аллагьасда ﷻ гIассилъизеги хIинкъула. Жидер ракIилъ купру-ширкалъул унти бугел гIадамазе гьеб вагIзаялъ щибго мунфагIат гьабуларо, гьезул рекIелъ гьеб лъугьуларо. Гьаб жаниб лъугьизе ккани гьезул ракI рагьараб букIине ккола гьеб вагIза-насихIат къабул гьабизе. РакIалда жаниб мунафикълъиги букIун, дунял бокьи,

нафс бокьиги букIун, гьениб жаниб иманалъул нур лъугьуларо. Гьеб иман абулеб жо цIакъ чIухIараб жо буго: Цоги жо жаниб бугеб бакIалда жиб тIадеги лъугьуларо, жиб жаниб лъугьараб бакIалда тIаде цоги щибго жоги лъугьизе толаро!

فَهَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا ٱلسَّاعَةَ أَن تَأْتِيَهُم بَغْتَةً ۖ فَقَدْ جَآءَ أَشْرَاطُهَا ۚ فَأَنَّىٰ لَهُمْ إِذَا جَآءَتْهُمْ ذِكْرَىٰهُمْ ﴿١٨﴾

**18. Гьал капурзабиги мунафикъзабиги балагьун чIараб жо бугишха жидеда ракIалдаго гьечIого жидеда тIаде къиямасеб къо бачIиналда гурони. Х1акълъунго гьеб къиямасеб къо гIагарун букIиналъул гIаламаталги рачIун рук1адго.**
Гьел гIаламатаздаса жо буго ахир заманалъул авараглъун вугев жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварag вачIун вукIин. **Гьеб къиямасеб къо тIаде щвараб мехалъ гьезда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалде щвана абун, гьесда ахIи бана абун, гьезие щибго мунфагIат букIуларо.**

فَٱعْلَمْ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ وَٱسْتَغْفِرْ لِذَنۢبِكَ وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مُتَقَلَّبَكُمْ وَمَثْوَىٰكُمْ ﴿١٩﴾

**19. Мун тIад чIа МухIаммад ﷺ «Лаилагьа иллагь» абураб Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавулеб рагIи абиялда ва гьелда халкъ ахIиялдаги. Дуца Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал рахчиги тIалаб гьабе дурго нафсалъе, хадуб кинабго муъминзабазеги: бихьиназе ва руччабазе.**
**ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца дунялалда гьабулеб кинабго гIамал ва нуж ахираталда руссунеб бакIги.** Нужеца гьеб ахираталда батулеб гIамал гьабе! Гьенир чIорого ине нуж хIинкъа!

وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَتْ سُورَةٌ ۖ فَإِذَآ أُنزِلَتْ سُورَةٌ مُّحْكَمَةٌ وَذُكِرَ فِيهَا ٱلْقِتَالُ ۙ رَأَيْتَ ٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِم مَّرَضٌ يَنظُرُونَ إِلَيْكَ نَظَرَ ٱلْمَغْشِىِّ عَلَيْهِ مِنَ ٱلْمَوْتِ ۖ فَأَوْلَىٰ لَهُمْ ﴿٢٠﴾

**20. Жидеца иман лъурал цо гIадамаз абулеб буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ суратгIаги рештIизе гьабулеб анищ жинда жаниб жигьадалъул амро бицараб»-абун.**
Гьел руго иманалъулъ ритIухъал, жидер Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи гуреб цоги мурад гьечIел муъминзаби.
Гьезие бокьун буго аварагасе ﷺ квер бакъи гьабун исламияб диналъул тушбабазда рагъизе. **Цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиб мухIканаб, жиндир хIукму хвезе гьабулареб сурат рештIизе гьабураб мехалъ жинда жаниб жигьадалъул амро бицараб, дуда жидер ракIазулъ мунафикълъи бугел гIадамал рихьизе руго МухIаммад ﷺ, дуда жал балагьулеллъун жидеда тIаде хвел бачIун, гьелъ мехтизе**

**гьавурав чи валагьулеб хIалалъ: жив хIинкъун, жиндир гIакъло ун. Квешаб къо чIагиха гьел гIадамазда!** Жидеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гIадамалги махсароде ккола руго абун жидер ракIалда ккολел гIадамал руго гьел. Амма гьез жидерго нафсал руго махсароде кколел ва гьезул ахираталда русунеб бакIги бищунго квешаб жужахI буго: Цогидал жужахIаз жиндир гIазабалдаса цIунаги абун гьарулеб.

**21. Гьел гIадамазе дунялалдаги ахираталдаги жидее лъикIаб жо буго МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дуе жал мутIигIлъи ва дудехун берцинаб рагIи бициги.**

طَاعَةٌ وَقَوْلٌ مَّعْرُوفٌ فَإِذَا عَزَمَ الْأَمْرُ فَلَوْ صَدَقُوا اللَّهَ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ﴿٢١﴾

Мун гуккуизе абун лъугьичIого, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гуккизе абун лъугьичIого. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мухIканаб хIукму гьабураб мехалъ ва жидеда тIад жигьад гьабиги паризаяблъун гьабураб мехалъ, гьез Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ ритIухъаб иман лъун букIараб ани ва Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло гьеб жигьад гьабизе ниятги гьабун букIарабани гьеб иш гьезие цIакъ лъикIаб амро букIана.** Жидерго рекIелъ бугеб нифакъ загьир гьабун, гьеб реххун тезе кIоларого, щакдарила рукIиналдаса.

Къатадат абулев гIалимас абуна: «Къуръаналда жаниб цониги аят гьечIо жиб жигьадалъул бицун рештIизе гьабураб, хадуб жиндир хIукму насхо гьабураб»-абун. Гьаб рагIиялъул мурад буго цо-цо гIадамазул жигьадалдехун бугеб пикру мекъаб букIин баян гьаби. Гьез абулеб буго жигьад гьабизе ккани «Имамул агIзам» вукIизе ккола абун: ай киналго бусурбабазул имам. Амма гьел гIадамаца жаваб кьолеб гьечIо: гьев «имамул агIзам» гьечIеб мехалъ бусурбабаца щибха гьабизе кколеб?»-абураб суалалъе.

Гьеб суалалъе жаваб кьун букIана нилъер бахIарчиял умумуз. Дагъистаналда цоясда хадув цоги гьавун лъабго имам вищана 7-8 соналъул болжалалда жанив. Гьел имамзаби рукIана: Имам ГъазимухIаммад, имам ХIамзат ва имам Шамиль. Гьезул цонигияв Къурайшияв вукIинчIо ва цонигияв «Имамул агIзамги» вукIинчо. Гьел рукIана Дагъисталда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шаригIат ва исламияб дин букIине гьабизе къватIире рахъарал мужагьидазул имамзаби. Жинда Аллагь гурхIаяв хъварщисан Загъалавдибир абулев гIалимас гьав Шамиль вуго имамлъун вукIине мустахIикъав чи абидалго цо цIаларал гIадамаз абун буго. «Гьев Къурайшияв гьечIо» абун. Цогидал киналго имамасе рукIине рекъарал сифатал гьесул рукIиндалго, гьев имамлъун тезе бокьичIев чиясул хIужа букIана доб рагIи. Гьелъие Загъалав дибирас жаваб гьабун буго: «Нилъее Къурайшияв имам щвезегIан тезе вуго нилъеца гьав Шамиль имамлъун»-абун. Гьадинаб букIана нилъер

умумузул гIелму ва гIакъло.

Жидер чорхолъ гьечIеб бахIарчилъиялъ гьел бахIарчиял имамзабазулги, гьелгун цадахъ рукIарал мужагьидазулги гъазаваталда тIад рагIи абизеги лъугьулел руго цо цо ахIмакъал гIадамал, «Имамул агIзам» гьечIолъиги бусурбабазул гIайиб буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасдаса беххе бачIараб, жал рацIадал ва ритIухъал халифаязул заман тIаса аралдасаго бай бихьун исламияб диналда жаниб питна ва балагь баккана. Бусурбаби рикь-рикьана, улка-ракь цоцадаса батIалъана ва нилъеда жакъа бихьулеб хIакъикъаталда гъаб амроги буссана.

Ва амма жакъаги щивав муъминчиясда тIадаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло къеркьезе: нилъедаса цереккун рукIаразда гьеб тIадаб букIана, нилъедаса хадур рачIунел бусурбабаздаги гьединго тIадаб букIине буго. Исламияб диналъе гIоло къеркьеялъул бищунго кIвар бугеб масъала буго бусурбаби цолъи, гьел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло цоцаде рекъей ва жидеца гъокьан тIаде байги бихьун бусурбабазул халифат гIуц1цIи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гIуц1цIараб исламияб халифат ва улка букIана тIасан бехе гIуцIараб. Гьеб гIуц1цIиялъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амроги букIун, квер бакъиги букIун.

Гьанже гьеб халифат гъокьан тIаде гIуц1цIизе ккеялъе гIилла ва сабаб буго щивав бусурманчиясда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амро гьабун букIин жигьад гьабиялдалъун. Гьеб жигьад гьабизе ккани кIиго муъминчи вугеб бакIалда цояв амир вукIине ккола. Гьеб буго шаргIияб гIадло ва аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нилъеда гьабураб васият. Гьаб шаргIияб нухалда рекъон бусурбабаца щибаб бакIалда жидер амирги гьавураб мехалъ, гьел амираз жидерги амир гьавураб мехалъ букIула исламияб халифат гъокьан тIаде гIуцIи.

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавфикъ гьабеги хIакъаб жо лъазе ва гьелда нахърилълъизе.

فَهَلْ عَسَيْتُمْ إِن تَوَلَّيْتُمْ أَن تُفْسِدُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ وَتُقَطِّعُوٓا۟ أَرْحَامَكُمْ ﴿٢٢﴾

**22. Нужер къасдищ бугеб нуж исламияб диналдасаги руссун, доб ццебе букIараб жагьилияб заманалъг1адин, ракьалда тIад пасалъи гьабулеллъун рукIине ва цоцадаса гурхIел-рахIмо къотIунги рукIине?**

Нужеца хIарамаб биги гIодоб тIезе, гIадамазе зулмуги гьабизе, нужер БетIергьан Аллагьасдаги гIассилъизе?

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну ГIамридаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул

расулас ﷺ абуна: *«Жал гIадамазда гурхIулезда Аллагь ﷻ гурхIула. Нужеца ракьалда тIад бугеб агьлуялда гурхIел гьабуни нужеда зобалазул агьлоялъги гурхIел гьабула»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Инсаназул рухIал жал данде гьарурал боял руго. Цоцаде рекъарал рухIал цолъула, цоцаде рекъечIел ратIалъула»*-абун. Х1адис Т1абараниияс бицана.

Цоги хIадис буго: *«РагIи бици гIемерлъараб гIамал гьаби дагьлъараб мехалъ, мацIал цолъараб, рак1азул цоцаде ццимги бахъараб мехалъ, щивав гIагарав чияс гурхIел-рахIмоги къотIизе гьабураб мехалъ Аллагьас ﷻ гьел гIадамазе лагIнат кьола, гьезул бералги бецц гьарула гIундулги гIинкълъизе гьарула»*-абун. Х1адис Т1абараниияс бицана

أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ لَعَنَهُمُ ٱللَّهُ فَأَصَمَّهُمْ وَأَعْمَىٰٓ أَبْصَٰرَهُمْ ﴿٢٣﴾

**23. Гьаб гIамал жидеца гьабулел гIадамал руго Аллагьас ﷻ жидее лагIнат кьурал, жиндир рахIматалдаса гьес рикIкIад гьарурал.**

**Жодор гIундулги гIинкъ гьарурал жидеда хIакъаб жо рагIиялдаса, жодор бералги бецц гьарурал хIакъаб жо бихьиялдаса.** Аллагьас ﷻ гьел гIадамал хIайваназда релълъизе гьаруна жидер гIакъло гьечIолъиялъул рахъалъан.

أَفَلَا يَتَدَبَّرُونَ ٱلْقُرْءَانَ أَمْ عَلَىٰ قُلُوبٍ أَقْفَالُهَآ ﴿٢٤﴾

**24. Гьел гIадамаз гьаб хирияб Къуръаналъул пикру ва тадбир щай гьабулареб?**

**Гьезул ракIазда тIад Аллагьас ﷻ кIулал ран руго.** Гьезда жаниб щибго жо лъугьулеб гьечIо.

Гьал аятаздасан мурад буго: Аллагьасул ﷻ Къуръаналдаги гIенеккуларев, гьесул расуласда ﷺ нахъги вилълъуларев чи Аллагьас ﷻ жиндирго хIалалда тола, гьев жиндир рахIматалдаса рикIкIкадги гьавула, ахираталда гьесие жужахIалъул гIазабги гьабула абураб.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ٱرْتَدُّواْ عَلَىٰٓ أَدْبَٰرِهِم مِّنۢ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ ٱلْهُدَى ٱلشَّيْطَٰنُ سَوَّلَ لَهُمْ وَأَمْلَىٰ لَهُمْ ﴿٢٥﴾

**25. Х1акълъунго жидеца иманги лъун букIун хадуб гьеб иманалдаса руссарал гIадамал, жидехъе бачIараб Аллагьасул ﷻ тIоритIелги тун, хIакъаб Къуръан ва мугIжизаталги тун, жидерго жагьиллъиялда руссарал гIадамал руго щайтIаналъ жидеда гьеб гIамал берцин бихьизе гьабурал ва**

**жидер дунялалда хьул лъезе гьабурал.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوا لِلَّذِينَ كَرِهُوا مَا نَزَّلَ ٱللَّهُ سَنُطِيعُكُمْ فِي بَعْضِ ٱلْأَمْرِ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ إِسْرَارَهُمْ ﴿٢٦﴾

**26. Гьел гIадамал муртадлъиялъе (капурлъиялъе) сабаб буго х1акълъунго жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **Къуръан рихарал ягьудазда балъгого абун букIин ниж нужее мутIигIлъизе руго цо-цо амруялъулъ абун.**

**ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьез балъго бицулеб жоги.** Гьел муртадлъарал гIадамал къватIир чIвазе гьарун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб аят рештIизе гьабуна ва гьел гIадамал суризе гьаруна.

فَكَيْفَ إِذَا تَوَفَّتْهُمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ يَضْرِبُونَ وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَٰرَهُمْ ﴿٢٧﴾

**27. Щиб хIалха букIинеб гьал мунафикъал ва муртадлъарал гIадамазул малаикзабаца гьурмалги, мугъалги рухулаго жидер рухI бахъулеб мехалъ?**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: «Дунялалда Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIассилъи гьабулел рукIадго хварал гIадамазул рухI босулеб мехалъ малаикзабаца гьезул гьурмазда ва мугъазда маххул гьенцIокъал къабулаго босула рухI»-абун.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمُ ٱتَّبَعُوا مَآ أَسْخَطَ ٱللَّهَ وَكَرِهُوا رِضْوَٰنَهُۥ فَأَحْبَطَ أَعْمَٰلَهُمْ ﴿٢٨﴾

**28. Гьезие гьеб гIазаб гьабиялъе сабаб буго жал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **ццим бахъулеб гIамалалда хьвадун рукIин, гьезие Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъулеб гIамал гьаби ва Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **диналъе гIоло жигьад гьабиги рихун букIин.**

**Гьеб жидер къабихIаб гIамалалъ жидеца гьабураб кинабго лъикIаб гIамал гIададе хвараблъун гьабуна.** Ва гьезие рухI бахъиги гIазаб гьабиги цадахъ гьабуна, гьезие ахиратaлдаги абадияб жужахIалъул гIазаб букIине буго.

أَمْ حَسِبَ ٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ أَن لَّن يُخْرِجَ ٱللَّهُ أَضْغَٰنَهُمْ ﴿٢٩﴾

**29. Гьел жидер рекIелъ нифакъалъул унти бугел гIадамазда ракIалдайщ кколеб бугеб Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидер рекIелъ бугеб унти гIадамазда загьир гьабичIого тела абун?**

Жидер исламалдаги бусурбабаздаги бугеб тушманлъи загьир гьабиларо абун? Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб загьир гьабичIого теларо.

وَلَوْ نَشَآءُ لَأَرَيْنَٰكَهُمْ فَلَعَرَفْتَهُم بِسِيمَٰهُمْ وَلَتَعْرِفَنَّهُمْ فِي لَحْنِ ٱلْقَوْلِ

**30. Дие бокьун букIарабани МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Дица дуда гьел мунафикъзабазул гьурмал рихьизе гьарун дуе гьел загьир**

وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ أَعۡمَٰلَكُمۡ ۝٣٠

**гьарилаан ва дуда гьезул щивасул сипат-сурат лъазе букIана.**

Киниги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел мунафикъзаби бальго тун руго гьез тавбо гьабиялда хьуллъун ва гьезие гIагарал бусурбабазда гурхIун. **Чара гьечIого Дуда гьел мунафикъзаби гьезул рагIабаздалъунги загьирлъизе руго. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужер киналго гIамалал.**

Ал-Калбию абулев асхIабас абуна: «Гьаб аят рештIизе гьабун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIов кIалъарав мунафикъ аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ лъалев вукIана»-абун.

وَلَنَبۡلُوَنَّكُمۡ حَتَّىٰ نَعۡلَمَ ٱلۡمُجَٰهِدِينَ مِنكُمۡ وَٱلصَّٰبِرِينَ وَنَبۡلُوَاْ أَخۡبَارَكُمۡ ۝٣١

**31. Дица нужер цIакъ хIал бихьи гьабила, я гьал муъминзаби,** жигьад гьабе абун амро гьабун ва цогидалги захIматал амраби тIаде къан.

**Гьелдалъун Дица загьир гьаризе нужер Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло жигьад гьабулел ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нухалда чIун сабро гьабулел муъминзаби щалдай руго абун. Ва дица нужер х1ал бихьи гьабун нужер киналго гIамалалги хабарги-х1алги загьир гьабила.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ وَشَآقُّواْ ٱلرَّسُولَ مِنۢ بَعۡدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ ٱلۡهُدَىٰ لَن يَضُرُّواْ ٱللَّهَ شَيۡـًٔا وَسَيُحۡبِطُ أَعۡمَٰلَهُمۡ ۝٣٢

**32. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал гIадамаз, жидеца цогидал гIадамалги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналдаса нахъе чIварал, жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIакъав авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вукIин лъан хадубги жидеца аварагасде صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ тушманлъи гьабурал, гьесда мутIигIлъичIел:**

**гьал гIадамаз щибго къварилъи-зарал гьабуларо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ.** Гьез иман лъуниги, лъечIониги Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щибго зарал яги хайир букIуларо. Гьелъул жазаъ гьезие жидеего букIула. **Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьез гьарурал лъикIал гIамалалги гIададе хвараллъун гьарула.** Гьел гIамалазда данде жидее ахираталда щибго кири букIуларо.

۞يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ أَطِيعُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُواْ ٱلرَّسُولَ وَلَا تُبۡطِلُوٓاْ أَعۡمَٰلَكُمۡ ۝٣٣

**33. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасеги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласеги мутIигIлъе!**

Щибго щаклъи гьечIого иман камил гьабун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расуласул амро тIубазе гьабе!

**Гьал мунафикъзабаца ва муртадлъарал гIадамаз гьабураб пиша**

**гьабун нужеца нужер гIамал гIададе хвезе гьабуге!**

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ ثُمَّ مَاتُواْ وَهُمْ كُفَّارٌ فَلَن يَغْفِرَ ٱللَّهُ لَهُمْ ﴿٣٤﴾

**34. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда ﷻ инкарги ккун, гьесул диналдаса гIадамалги нахъе чIван, цинги жал гьеб купру-ширкалдаго хварал гIадамазул Аллагьас ﷻ кидаго мунагьал чуруларо** ва гьел абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ рукIула.

Гьаб аяталдаса гIалимзабаца хIукму босана Аллагьасда ﷻ инкар ккун хварав чиясул Аллагьас ﷻ мунагьал чурун гутIиялъе, гьесул дунялалда кигIанго лъикIал гIамалал рукIун ратаниги. Гьебго хIукму буго Аллагьасда ﷻ ширк гьабун хварав чиясулги. Гьесул хIакъалъулъ цоги аяталда абун буго: «Аллагьас ﷻ кидаго мунагь чуруларо жинца ширк гьабурав чиясул»-абун.

فَلَا تَهِنُواْ وَتَدْعُوٓاْ إِلَى ٱلسَّلْمِ وَأَنتُمُ ٱلْأَعْلَوْنَ وَٱللَّهُ مَعَكُمْ وَلَن يَتِرَكُمْ أَعْمَٰلَكُمْ ﴿٣٥﴾

**35. Нуж тушманасдаса загIиплъуге, гьесдаса хIинкъуге ва нужеца гьев рекъел гьабиялда ахIуге. Нуж тIадегIан рукIадго.**

Нуж муъминзаби ругелъул Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун рагъулел. Гьел капурзаби ругелъул Аллагьасул ﷻ диналда данде ругъулел. **Аллагь ﷻ нужгун цадахъ вуго жинца нужее квер бакъулевлъун. Гьев Аллагьас ﷻ нужер лъикIаб гIамалалдаса щибго жо нукъсан гьабуларо.**

Гьаб цо аяталда жаниб чанго батIияб хIукму бицун буго капурзабазда рагъ гьабиялъул къагIида баян гьабун.

<u>*Бищунго кIвар бугеб хIукму буго:*</u> рагъ гьабизе абун къватIирги рахъун тушманасда данде чIван хадуб гьесда бусурбабаца жидер хIинкъи ва загIиплъи бихьизабизе бегьун гутIи. Гьеб загIиплъи муъминзабазе кин бегьилеб жидеца тIалаб гьабулеб шагьадат щвеялъе рес рекъараб бакI бугелъул гьеб рагъ.

Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун рагъулел мужагьидаца жиндир нафс цIунизе къасд гьабуларо. Гьесул къасд букIула жиндие шагьадат щолеб анищ абун. Гьадинаб бацIадаб ният гьечIев мужагьид хIинкъизе ва загIиплъизе бегьула. Жиндир рекIелъ гьеб хIинкъиялъул асар лъараб мехалъ гьес тавбо гьабун жиндир напсалъул гIайибал хал гьабизе ккела ва, иман цIи гьабун, истигъфар гьабун, шагьадат тIалаб гьабун, тушманасда данде ине ккела.

Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рагъулел гьечIелъул капурзаби кидаго рекIелъ хIинкъи бугел рукIула. Гьезул рагъ бугелъул жиндир нафс цIунун ва дунялалъул чIаголъи бокьун гьабулеб. Гьаб кIиго къукъа

рагъул майданалда данделъараб мехалъ щибго щаклъи гьечIеб жо буго муъминзабазе бергьенлъи букIулеблъи. Гьел муъминзаби цIакъго дагьал рукIун, гьел чIван, лъукъун рагъизе кIоларел лъугьун тушманас бергьенлъи босаниги гьеб бергьенлъи буго загьираб, дунялалъул рукъоб бугеб бергьенлъи. ХIакъикъаталда муъминзаби гьеб рагъульги бергьарал рукIула: Гьез жидеда тIад бугеб Аллагьасул ﷻ фарз тIубана, Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло рухIги бичана, абадияб ахираталда алжаналъул агьлолъунги лъугьана. Гьелдасан кIудияб бергьенлъи щибха букIунеб!

<u>КIиабилеб хIукму буго:</u> Бусурбабаца маслахIат ва рекъел тIалаб гьабизе бегьуларо рагъул муйданалда рахъун хадуб. Гьеб рагъалъул хIасил букIине ккола я тушман тIобанго къезе гьави, яги гьев тушманас гьарани маслахIат гьабун рагъ чIезе гьаби. Гьадин рагъ чIезабураб мехалъ капурзаби жизят тIад лъун бусурбабазул хIукмуялда гъокь рачун, гьелъие мутIигI гьарун чIезе гьари. ШаргIияв имам вугеб мехалъ ва бусурбабазул хIалги дагьлъун бугеб мехалъ гьев имамасе изно букIула рагъ чIезе гьабизе хIукму гьабизе. Гьеб хIукму гьабулеб бугониги гьелъул шартIал рукIине бегьуларо бусурбабазе зарал кколел, гьел къаралльун рукIунеб.

<u>Лъабабилеб хIукму буго:</u> Бусурбабаца кидаго капурзабазул хIукму ва тIалъи къабул гьабизе бегьуларо. Гьеб къабул гьабурал гIадамал гьел капурзабаздасан рукIула. Киниги бусурбаби куфру ширкалъул хIукмуялда гъокь ккараб мехалъ гьезда тIадаб букIула гьеб куфруялъул лагълъиялдаса рорчIизе нух тIалаб гьаби. Гьел бусурбабазе цохIо лахIзаталъги бегьуларо капурзабазул хIукму къабул гьабун, гьеб лъикIаблъун бихьун, гьез кьурал ихтиярал росун чIезе. Гьаб бакI буго щибаб капураб пачалихъалда жанир ругел киналго бусурбабазе бичIизе ккoлеб бакI.

Халкъалда ццереги рахъун дибирзаби, устарзаби, цIаларал гIадамал кIалъалел руго: «Нилъее гьукъараб жо щиб бугеб диналъул?»-абун. Масжидалги рагьун ругилан, мадрасабиги ран ругилан, бокьухъин вагIза-насихIат ва дагIват гьабизе ресги бугилан. Гьал пакъирзабазда бичIчIизе ккoлеб цо гьитIинабго хIакъикъат буго: Жидедаги бичIун гьечIеб жидеца, гIадамаздаги бичIизе толеб гьечIеб. Гьеб хIакъикъат буго: Гьаб кинабго махлукъалъул жив цогояв Халикъ вуго ТIадегIанав Аллагь. Гьев Аллагь ﷻ вуго кинабго хIукмму-къадар жинда кодоб бугев, кинабго амро-нагьюги жиндир ихтияралда бугев. Гьев Аллагьасе ﷻ бокьараб ва гьес лагъзадерида амро гьабураб жо буго гьаб ракьалда тIад цохIо жиндие гуро лагълъи гьабуге абун. Аллагьасе

جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабиялдаса мурад буго гьесул дин хIалтIизе гьаби, гьеб диналда рекъон хIукму гьаби. Гьав ТIадегIанав Аллагьасул дин буго ва гьесул хIукмуги буго хирияб Къуръанги, гьеб Къуръан жинда рештIизе гьабурав хирияв аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ суннаталги.

Гьаб дин гьабизе нилъеда тIадаб бугеб мехалъ нилъеда тIад капурав ханги вукIун, гьес изно къуни гьабун, кьечIони гьабичIого букIунеб жо кин гьеб букIулеб? Гьев ханасул изну кин хал гьабулеб шаргIалда? Гьал суалал ва цогиги гIемерал суалал руго бусурбабаца жидеда цере ругел имамзабазе кьезе кколел ва гьел имамаз жидее жавабги кьезе кколел. Гьаб дунялалъул маслахIат хал гьабун, абадияб ахиарат кIочон кIалъалел гIадамал кантIизе рекъараб масъала буго гьаб.

_Ункъабилеб буго:_ Бусурбаби капурзабаздаса тIадегIанал рукIин киналго рахъалъан. Гьел тIадегIанал рукIиналъе аслияб сабаб буго гьел рукIин жидер БетIергьан Аллагь жидеда лъалел, гьесул ханлъи жидеда тIад къабул гьабулел ва жидеца гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабизеги тIаде босарал. Гьал муъминзабазул дунялалдаги, ахираталдаги тIадегIанлъи букIин хIакъаб жо буго, гьезул БетIергьан ТIадегIанав вугелъул. Гьав ТIадегIанав Аллагьасда инкар ккурал, гьасул аваргзаби гьереси гьарурал, гьав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло къеркьолел муъминзабазда жидеца рагъ гьабулел капурзаби цIакъ гIодогIанал ва инжитал гIадамал руго.

Гьаб дунялалъул рукъоб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда рекъон гьезие цо-цо бакIалда бусурбабазда тIаде бергьенлъи щваниги ахираталде гьел руго абадияб жужахIалда рукIунел гIадамал.

_Щуабилеб хIукму буго:_ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ муъминзабигун цадахъ вукIин. Гьезие квер бакъулевлъун, гьезие маслахIат бугеб хIукму гьабулевлъун. Гьаб амроги муъминзабазе бугеб кIудияб роххел буго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жидеда цадахъ вугел гIадамазе щибго хIинкъи ва къварилъи букIуларо.

_Анлъабилеб хIукму буго:_ ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазул лъикIаб гIамал гIададе хвезе гьабуларо. Гьезул квешал гIамалалги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лъикIал гIаммаллъун сверизе гьарула гьел муъминзабаца тавбо гьабураб мехалъ. Капурзабаца дунялалъул рукъоб кигIан лъикIал гIамалал гьарун ругониги гьезие ахираталда гьелъул щибго хайир букIуларо. Ахираталда бищун цебе хал гьабулеб жо буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иманлъей, гьев цо гьави. Гьаб шартI батичIеб мехалъ цогидаб кинабго лъикIлъи гIададе хвараб букIула.

Жиндир рагIаби дагьаб бугониги гьадинал батIи-батIиял хIукмаби жинца баян гьарулеб цохIо аят букIинги буго Къуръан ТIадегIанав

Аллагьасул калам букIин жинца тасдикъ гьабулеб хIужа ва гьеб Къуръан хирияв аварагасе ﷺ бугеб мугIжизат букIин жинца баян гьабулеб далилги.

إِنَّمَا ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَا لَعِبٌ وَلَهْوٌ وَإِن تُؤْمِنُوا۟ وَتَتَّقُوا۟ يُؤْتِكُمْ أُجُورَكُمْ وَلَا يَسْـَٔلْكُمْ أَمْوَٰلَكُمْ ﴿٣٦﴾

**36. Х1акълъунго гьаб дунялалъул ч1аголъи буго жиб гIададисеб махсаро-хвечI гIадаб жо.**

Дагьабго мехалъ букIунеб, цинги жиб тIаса унеб.

Шейх Задагь абулев гIалимас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас баян гьабулеб буго гьаб дунялги, гьалда жанир ругел нигIматал ва нафсалъ лазат босулел жалги гIисин лъималаз жидеда рекIелгъей гьабулел расанкIаби гIадал жал рукIин. Жакъа жидеда рекIел гъей бугониги метерисеб къоялъ жал щибго мунфагIат гьечIел жаллъун ругел. Гьедин бугелъул жиндир гIакъло бугев чи гьеб дунялалъул чIаголъиялъ Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьабиялдаса нахъе чIвазе бегьуларо. Гьеб жигьад бугелъул жив абадияб сагIадаталда (бахьи буголъиялда) вачулеб жо»-абун.

**Нужеца Аллагьасда ﷻ иман лъуни ва нуж гьев Аллагьасда ﷻ гIасилъизеги хIинкъани, Аллагьас ﷻ нужее гIемерго цIикIараб ажро кири кьола. Ва нужедаса Аллагьас ﷻ боцIималги тIалаб гьабуларо.** Аллагь ﷻ хIажат гьечIо щибго жоялда. Нужеда тIад фаризаяб закат лъун буго нужер Аллагьасда ﷻ мутIигIлъиялъул хIал бихьи гьабизе ва нужер факъирал, мискинал диналъул вацазе квер бакъиги гьабизе. Гьеб закаталъул кириги ахираталда нужее кIудияб хазиналъун батула.

إِن يَسْـَٔلْكُمُوهَا فَيُحْفِكُمْ تَبْخَلُوا۟ وَيُخْرِجْ أَضْغَٰنَكُمْ ﴿٣٧﴾

**37. Аллагьас ﷻ нужедаса боцIи-мал кьей тIалаб гьабулеб букIараб ани, гьеб тIалабги кинабго боцIи кье абун тIад чIун гьабулеб амро букIарабани нуж бахиллъизе рукIана гьеб кьезе ва нужеца исламияб диналдахун рокьукълъи загьир гьабизе букIана.**

Нужер иманалъул загIиплъи загьирлъизе букIана.

Тасгьил абулеб тафсиралда абуна: «Аллагьас ﷻ инсан вижун вуго жиндие боцIи-мал бокьулевлъун. Жиндие бокьулеб жоялдахун къасд гьабурав чиясда инсанас жиндир рокьукълъи ва тушманлъи загьир гьабула»-абун. Ва амма жидер иман камилал асхIабзабаца Аллагьасги ﷻ аварагасги ﷺ тIалаб гьабичIониги жидер кинабго боцIи-мал кьуна Аллагьасул ﷻ нухалда жигьад гьабиялъе гIоло.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас *цо гъазават гьабизе бо хIадурулеб мехалъ, гьеб бо гIуцIиялъе квер бакъи гьабизе ккела абун хириял асхIабзабазда хитIабги гьабураб мехалъ, жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIаб аварагасда* ﷺ *аскIов вачIана жиндир кинабго магIишатги босун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда гьикъана: «Дуца дур хъизаналъе щибха тараб»-абун, Абубакр асхIабас абуна: «Дица дир хъизаналъе Аллагьги* ﷻ *гьесул расулги тана»*-абун. ХIадис имам Тирмизияс ва абуДавудица бицана.

Гьадинаб букIана унго-унго Аллагьги ﷻ гьесул расулги ﷺ вокьарал гIадамазул тIабигIат-гIамал.

هَٰٓأَنتُمۡ هَٰٓؤُلَآءِ تُدۡعَوۡنَ لِتُنفِقُواْ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ فَمِنكُم مَّن يَبۡخَلُۖ وَمَن يَبۡخَلۡ فَإِنَّمَا يَبۡخَلُ عَن نَّفۡسِهِۦۚ وَٱللَّهُ ٱلۡغَنِيُّ وَأَنتُمُ ٱلۡفُقَرَآءُۚ وَإِن تَتَوَلَّوۡاْ يَسۡتَبۡدِلۡ قَوۡمًا غَيۡرَكُمۡ ثُمَّ لَا يَكُونُوٓاْ أَمۡثَٰلَكُم ﴿٣٨﴾

**38. Я гьал иман лъурал гIадамал! Я гьал Аллагь ﷻ вокьулел муъминзаби! Гьанже нужеда амро гьабулеб буго нужер ракI разилъараб нафакъа кье абун Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло гъазават гьабизе квер бакъи гьабизе. Гьадин загьиралдаго амроги гьабун Аллагьасул ﷻ нухалда нафакъа кьеялда ахIараб мехалъги нужедаса цо гIадамал руго гьеб нафакъа кьезе бахиллъулел, гьеб боцIи-мал жидерго хъатикье кколел.**

**Гьедин бахиллъун жинца Аллагьасул ﷻ диналъе квер бакъи гьабизе напакъа кьечIев чи вуго жиндирго напсалъе зарал гьабун бахиллъарав чи.** Гьеб бахиллъиялъ жиндие ахираталда щвезе букIараб ажро-кири нукъсан гьабулеб бугелъул. **ТIадегIанва Аллагь жив цIакъ бечедав вуго, нужер нафакъа-сахIалда хIажатав гьечIо. Нуж руго цIакъ пакъирал, Аллагьасул ﷻ цIоб рахIматалда хIажатал гIадамал.** Гьединал пакъирзаби нуж рукIиналъ Аллагьас ﷻ нужее маслахIат бугеб жо малъулеб буго ва Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун нужерго рес рекъараб садакъа-хайрат гьабе, Аллагьасул ﷻ диналъе квер бакъиги гьабе боцIи-малалдалъун абун амро гьабулеб буго.

**Нуж Аллагьасе ﷻ мутIигIлъиялдаса рахъани, гьесул амро тIубазе гьабиялдаса руссунги чIани, Алагьас ﷻ нужги нахъе рачун, нужер бакIалда цоги къавм гьабила: жал Аллагьасе ﷻ цIикIун мутIигIал ва гьесул амро тIубзе хехлъи гьабулел. Цинги гьел гIадамал нужеда релъаралги рукIине гьечIо.** Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло ва Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал кьезе бахиллъулел рукIине гьечIо. Гьел нужедаса сахаватал рукIина, ва нужадаса Аллагьасе ﷻ хириялги рукIина.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьарайратидаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аят цIалараб мехалъ, хириял асхIабзабаца абуна: «Я расулаллагьи* ﷺ*! Щиб къавм бугеб гьеб Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *нижги нахъе рачун нижер бакIалда гьаризе бегьулел?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда аскIов гIодов чуIн вукIарав Салманул Фарисиясул гъажалда квер кIутIана ва жинца абуна: «Гьавги, гьасул къавмги буго. Гьаб исламияб дин зобалазда цIвабзада аскIоб букIараб аниги, гьенирги ун Фурсазул бахIарзаз гьеб дин босизе букIана»*-абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

Гьаб аяталда жаниб нилъеда лъазе гьабулеб буго гьаб исламияб дин дунялалда тIад гIатIилъун, тIибитIун ине букIин, ва гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ кIудияб нигIмат букIин. Гьеб диналда жидеца халкъ ахIулел гIадамазе кIудияб ажро-кири щолелъул, гьел жидеца исламияб диналда халкъ ахIулел имамзабилъун рукIине рес лъугьулеб буго бокьараб ракьалда тIад ругел бокьараб миллаталъул гIадамазе.

Цо гIадамал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналдаса руссана абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир дин гьелъие квербакъулел гIадамал гьечIого толеб гьечIо. ТIадегIанав Аллагьас халкъазда гьоркьоса цIиял, батIиял гIадамал ццере рачулел руго жиндир диналъе квер бакъи гьабизе ва гьезие ажро-даражаги щвезе. Гьаб хIукму бичIарал, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда халкъ ахIизе жидее ресги бугел цIаларал гIадамаз гьаб кIудияб нигIмат кодоса ине кин толеб? Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат бацIад гьабиялда тIад чIей гьабун, гьеб гIибадат гьабиялда цогидал гIадамалги ахIун кин жал хьвадуларел?!

Гьаб жигьадалъул бицун рештIизе гьабураб хирияб сураталъул ахираб аяталда жаниб жинда кантIизе кколеб берцинаб, гъваридаб хIикмат буго. Гьеб хIикмат буго: Жиндир чорхол сахлъи гьечIого, херлъун вукIун, яги сахлъи бугониги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабизе кодоб ярагъгун вахъизе жиндир бахIарчилъи гIоларев чиясе, яги гьеб бахIарчилъи гIуниги гьедин къватIив вахъине рес гьечIев чиясе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бихьизе гьабулеб буго гьеб жигьад гьабулел гIадамазда бащадаб ажро жиндие щолеб цоги нух. Гьаб нух буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло боцIи-мал нафакъаде кьей. ТIадегIанав Аллагьасул каламалда жаниб жигьадалъул бицарал гIемерисел аятазда абулеб буго: «Жидер боцIи-малалдалъун ва жидер нафсаздалъун жигьад гьабулел гIадамал»-абун. Гьал аятаз баян гьабулеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло боцIи-мал нафакъаде кьейги жигьад гьаби букIин. Гьаб магIна баян гьабулел Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул

хIадисалги руго. Гьел хIадисал ццересел суратазда жанир гIемерал рицана.

Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьаби буго битIараб исламияб диналда гIадамал ахIиги, гьезда Къуръан хIадис ва шаргIияб гIелму малъиги. Гьеб диналда халкъ ахIиялъулги, гьезда Къуръан хIадис малъиялъулги хIасил букIине ккола гьел гIадамазда бичIине гьаби жиндие гIибадат гьабизе тIадав хан цохIо Аллагь ﷻ вукIин, кинабго лъикIлъиги, квешлъиги гьев Аллагьасул ﷻ хIукму къадаралдалъун букIин. Бищунго лагъзадерида гурхIулев, гьезул ахIиялъе жаваб кьолев, гьел лагъзадерица жинда дугIа ва хIели гьабизе бокьулевги гьев ТIадегIанав Аллагь вукIин бичIизе гьаби. Гьадинаб битIараб исламияб дин халкъалда лъазе гьабураб мехалъ гьел гIадамал Аллагьасе ﷻ хIакъикъияб гIибадат гьабизе ругьунлъула ва жидее гьеб гIибадат гьабизе квалквал гьабулеб жоялдаса рикIкIалъизе, гьелдаса хвасарлъизе яхI бахъула.

Ниж Аллагьасул ﷻ диналда халкъ ахIулел гIадамал руго абун жидерго нафсазда цIаралги лъун, гьел гIадамал тIад вугев капурав ханасдаги гьесул къануназдаги мутIигIлъиялда жинца ахIулев чи живгоги къосарав, жинца цогидал гIадамалги къосизе гьарулев чи вуго.

Аллагьасул ﷻ амруялдаги гIассилъун гьев Аллагьасул ﷻ махлукъалъе мутIигIлъизе бегьулеб бакI цониги гьечIо. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жаниб гIемер рехсераб хIукму буго жиндир эбел-инсуе мутIигIлъе, гьезда данде щибго рагIи абуге абун. Гьеб хIукмуялъулги хIасил гьабун Аллагьас ﷻ абулеб буго: «Гьел эбел-инсуца нуж Аллагьасде ﷻ гIасилъиялда ахIулел ругони нуж гьезие мутIигIлъуге!»-абун. Аллагьасда ﷻ гIасилъиялда ахIи буго Аллагьасул ﷻ шаргIги тун гIадамаз гIуцIарал къануназда мутIигIлъиялда халкъ ахIи.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир битIараб диналда халкъ ахIулел гIадамазда гьоркьоса нилъги гьареги. Аллагьасул ﷻ диналъе квер бакъи гьабизе тавфикъги гьабеги.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун сурату МухIаммадалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 48. Суратул ФатхI

سُورَةُ الفَتْح

*Гьаб хирияб сурат буго Мадинаялда жиб431 рештIине гьабураб ва гьалда жанир рицунел масъалабиги шаргIиял ахIкамазда хурхарал руго.*

*Гьалда жаниб бицун буго Маккаялда аскIоб бугеб ХIудайбият абулеб бакIалда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Къурайшиязулгун гьабураб сулхIалъул (маслахIат). Гьеб букIана гьижра гьабун хадуб анлъабилеб соналъ ва гьеб сулхI гьабуралдаса бай бихьун исламияб дин гIатIилъана, гьелъие бергьенлъабиги щвана. Макка шагьар бахъиги гьелдаса хадуб ккана. Гьеб Макка бахъаралдаса тIобанго исламияб дин бергьана абизе бегьулеб хIал лъугьана.*

*Гьединго гьаб сураталда жаниб жигьадалъул бицун буго, «БайгIату Ризван»-абун жинда цIар лъураб хириял асхIабзабаца аварагасе ﷺ гьабураб къотIиялъул бицун буго. Гьеб къотIи гьабун букIана хвезегIан аварагасе ﷺ квер бакъизе ва гьесда цадахъ чIезе абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ахIараб мехалъ гьевгун цадахъ къватIире рахъичIел мунафикъзабазулги бицун буго. Хирияв аварагасе ﷺ бихьараб битIараб макьуялъул бицен гьабун буго. Гьеб макьу буго аварагги ﷺ асхIабзабиги Маккаялда жанир лъугьун щибго хIинкъи гьечIого ругеллъун бихьи. Сураталъул ахиралда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе рецц гьабулеб буго ва жал рацIадал, хириял асх1абзабазеги рецц гьабулеб буго.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго «Суратул ФатхI»-абун: цожо рагьиялъул, гьеб бахъиялъул бицунеб сурат абун, гьаб сураталъул байбихьудаго хирияв Аллагьас ﷻ Макка бахъизе букIиналдалъун рохел бицун «Дица дуе баянаб рагьи (бахъи) гьабуна»-абун бугелъул. Гьаб сураталъул хиралъи бицун г1алимзабаца абуна:*

*Гьаб сурат хирияв аварагасда ﷺ рештIине гьабуна ХIудайбияталдаса тIаде руссараб мехалъ. Гьаб сурат жинда рештIине гьабураб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «<u>Дида гьаб сардилъ сурат рештIине гьабуна, жиб дие хирияб бугеб гьаб кинабго дунялалдаса ва гьеб дунялалда жаниб бугеб жоялдасаги</u>»-абун.* Х1адис имам Бухарияс бицана. *Цинги аварагас ﷺ гьаб сурат цIалана.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

*Жив гурхlулев, гурхlел гlамав Аллагьасул цlаралдалъун.*

إِنَّا فَتَحْنَا لَكَ فَتْحًا مُّبِينًا ﴿١﴾

**1. ХIакълъунго Дица дуе Макка шагьар рагьана жиб баянаб, жиндилъ щибго щакльи гьечIеб рагьиялдалъун.**

Дица дуе хIукму гьабуна МухIаммад ﷺ, мун дур тушбабаздаса бергьизе вукIиналдалъун. Гьаб къотIи буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие хирияв аварагасе ﷺ Макка рагьизе кIиго соналъ цебего гьабураб къотIи. Гьаб къотIи гьабураб ва гьаб сурат рештIизе гьабураб заман буго гьижраялъул анлъабилеб соналъул зулкъагIидат моцIалъ. Макка рагьи букIана гьижраялъул микьабилеб соналъ.

لِّيَغْفِرَ لَكَ ٱللَّهُ مَا تَقَدَّمَ مِن ذَنۢبِكَ وَمَا تَأَخَّرَ وَيُتِمَّ نِعْمَتَهُۥ عَلَيْكَ وَيَهْدِيَكَ صِرَٰطًا مُّسْتَقِيمًا ﴿٢﴾

**2. Дица дуе гьаб рохел бицунеб буго Мухlаммад ﷺ, дур цересел ва хадуселги мунагьал чуризе.**

Гьаб ррагIи буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб хиралъи. Цереселги, хадуселги мунагьал чурана абураб рагIиялъул магIна буго, гьев хирияв аварагъ ﷺ жинца мунагь гьабуларев вукIин, жив Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тIагIат гIибидат гьабиялда тIад чIарав вукIин. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе кьураб нигIматги тIубазабизе.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесие кьураб нигIматги буго гьев аварглъун гьави, гьесухъе хирияб къуръан рештIине гьабиги. Гьеб нигIмат тIубазе гьаби буго исламияб дин бергьизе гьаби ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин ракьалда тIаде тIибитIизе гьаби.

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мун битIараб нухалдаги тIовитIизе.** Дуда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ вахIю гьабураб дин умматалъухъе щвезабун, гьел битIараб исламияб диналда тIоритIун, гьелдалъун гьел муъминзаби алжаналда лъугьулеб нухалда ритIун ккезе гьаризе.

وَيَنصُرَكَ ٱللَّهُ نَصْرًا عَزِيزًا ﴿٣﴾

**3. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе квер бакъиги гьабизе мун кIодо гьавулеб ва дур тушбаби гIодогIан гьарулеб квербакъи гьабиялъ.**

Гьеб квербикъиялдалъун дуе дунялалъулги ахираталъулги хиралъи щолеб.

هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ ٱلسَّكِينَةَ فِى قُلُوبِ ٱلْمُؤْمِنِينَ لِيَزْدَادُوٓا۟ إِيمَٰنًا مَّعَ إِيمَٰنِهِمْ ۗ وَلِلَّهِ جُنُودُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٤﴾

**4. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца муъминзабазул рекIелъ хIалхьей ва гIодоре риччай рештIине гьабурав. Гьезул иман жинца жегиги цIикIине гьабизе. Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ боял**

**руго зобалаздаги ракьалдаги ругел боял.**

ГIадамазул боял рукIа, Малаикзабазул боял рукIа, хIайваназул боял рукIа. Гъединго Аллагьасул ﷻ боял руго жинца жинда гIассилъарал гIдамазе гIазаб гьабизе ритIунел гьуралги, накIкIалги, зоб гъугъай, ракь багъариги. Гьединал боял гIемерал руго ТIадегIанав Аллагьасул. Ибну Касир абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьасда кIолаан цохIо малаикги витIун гьаб ракьалда тIад бугеб чIагояб жо ва гIатIгояб жо цохIо лахIзаталъ хвезабизе ва бакъвазе гьабизе. Киниги Аллагьасул ﷻ хIикмат кIудияб букIун гьес жиндир лагъзадерида тIад жигьад гьаби фарз гьабуна ва хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе жалго гIадамал риччана. Аллагьасул ﷻ амру тIубарасе алжан насиб гьабизе, жинда гIассилъарасе жужахIги хIалал гьабизе. **ТIадегIанав Аллагь жиндир пишабазулъ хIакимия вуго.** Цо мунфагIат гьечIеб, жинда жаниб маслахIат гьечIеб жо гьес гьабуларо. **Гьев Аллагь ﷻ жиндир махлукъалъул киналго ахIвалал жинда лъалев вуго ва гьезул тадбир гьабулевги вуго.**

لِّيُدۡخِلَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ وَٱلۡمُؤۡمِنَٰتِ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا وَيُكَفِّرَ عَنۡهُمۡ سَيِّـَٔاتِهِمۡۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عِندَ ٱللَّهِ فَوۡزًا عَظِيمٗا ٥

5. **Аллагьас ﷻ жиндир лагъзадерида жигьад фарз гьабуна Аллагьасда ﷻ иман лъурал ва гьесул амруялда нахърилълъарал бихьиналги руччабиги алжаналда жанир лъугьизаризе. Жидеда жанисан гIорал чваххулел, жидер** пихъал тIагIамал ахазда жанир рукIуна гьел муъминзаби **ва даимго гьел алжаназул нигIматазулъ рукIуна.**

**Гьал муъминзабаздаса Аллагьас ﷻ мунагь-хатIаъги тIаса ине гьабула. Гьаб алжаналда лъугьизе гьари ва мунагь хатIаъ тIаса ине гьаби Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб кIудияб цIоб рахIмат буго ва абадияб бахьи буголъиги буго.**

وَيُعَذِّبَ ٱلۡمُنَٰفِقِينَ وَٱلۡمُنَٰفِقَٰتِ وَٱلۡمُشۡرِكِينَ وَٱلۡمُشۡرِكَٰتِ ٱلظَّآنِّينَ بِٱللَّهِ ظَنَّ ٱلسَّوۡءِۚ عَلَيۡهِمۡ دَآئِرَةُ ٱلسَّوۡءِۖ وَغَضِبَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِمۡ وَلَعَنَهُمۡ وَأَعَدَّ لَهُمۡ جَهَنَّمَۖ وَسَآءَتۡ مَصِيرٗا ٦

6. **Аллагьас ﷻ жигьад фарз гьабуна жинца мунафикъал бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе, гьединго жидеца Аллагьасдехун ﷻ ширк гьабулел бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе. Жидеца Аллагьасул ﷻ хIакъалъулъ квешаб пикраби гьарулел ва гьересиял харбалги рицулел.**

**Кинабго квешлъи ва гIазаб ахираталда гьезда тIаде сверизе буго. Аллагьасул ﷻ ццим бахъи ва гьесул лагIнатги буго жидее.**

**Гьезие хIадурун жагьаннамаги буго. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха жидее гьеб жагьаннама!**

وَلِلَّهِ جُنُودُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿٧﴾

**7. ТIадегIанав Аллагьасул руго зобалаздаги ракьалдаги ругел киналго боял! Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндир гуч бергьарав,** жинда гIассилъараздаса щцим босизе кIолев.

**Жиндир кинабго амроялъулъ хIакимиявги вуго гьев Аллагь ﷻ .** Жинда гIассилъарал гьалаг гьари хех гьабуларев, гьез тавбо гьабилародай абун гьезие гIазаб гьаби жинца нахъе бахъун толев.

إِنَّا أَرْسَلْنَاكَ شَاهِدًا وَمُبَشِّرًا وَنَذِيرًا ﴿٨﴾

**8. Х1акълъунго Дица мун витIун вуго МухIаммад ﷺ, къиямсеб къоялъ кинабго халкъалъе дуца нугIлъи гьабизелъун.** Гьезухъе аварагзабиги عليهم السلام рачIана, гьел хIакъаб диналдаги ахIана абун.

**Гьаб дур умматалъул муъминзабазда алжаналдалъун рохелги бицине, гьеб умматалъул гIассиял-пасикъал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъиги къезе.**

لِّتُؤْمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ وَتُعَزِّرُوهُ وَتُوَقِّرُوهُ ۚ وَتُسَبِّحُوهُ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ﴿٩﴾

**9. Дица нужеда расул витIун вуго я гьал гIадамал, нужеца Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги иман лъезе.** ХIакъаб иман лъеялъ, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, жинда ракI чIараб.

**Нужеца гьев расул ﷺ кIодо гьавун гьесул хIурматги гьабизе, гьесул адаб гьабун гьесул амро кIодо гьабизе. Нужеца Аллагьасе ﷻ радалги къассиги тасбихIги гьабизе.** Нужеда кидаго Аллагь ﷻ ракIалда вукIине нужеца, гьев Аллагь ﷻ кIодо гьавун ва вацIад гьавун рехсезе.

إِنَّ الَّذِينَ يُبَايِعُونَكَ إِنَّمَا يُبَايِعُونَ اللَّهَ يَدُ اللَّهِ فَوْقَ أَيْدِيهِمْ ۚ فَمَن نَّكَثَ فَإِنَّمَا يَنكُثُ عَلَىٰ نَفْسِهِ ۖ وَمَنْ أَوْفَىٰ بِمَا عَاهَدَ عَلَيْهُ اللَّهَ فَسَيُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿١٠﴾

**10. Х1акълъунго жидеца дуе байгIат гьабулел асхIабзаби руго МухIаммад ﷺ, жидеца Аллагьасеги ﷻ байгIат гьабулел.**

Мун вугелъул Аллагьасул ﷻ расул ва Аллагьасул ﷻ вакил гьел асхIабзаби диналда ахIизе витIарав. Гьез дуе гьабураб къотIи Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи букIуна, гьез дуе хиянат гьабуни гьеб хиянатги Аллагьасе ﷻ гьабураб букIуна. **ТIадегIанав Аллагьасул квер буго гьезул квераздa тIад.** Гьел асхIабзабаца

аварагасул ﷺ кверги босун байгIат гьабураб мехалъ гьеб байгIат Аллагьасе ﷻ гьабураб буго. Гьев Аллагь ﷻ гьезул гIамал бихьулев вуго, гьез бицунеб жо жинда рагIулевги вуго. **Гьеб къотIи щив чияс хвезе гьабуниги, гьеб къотIи хвезабиялъул зарал гьев чиясул нафсалъе буго.** Гьес жиндие щолеб кIудияб ажро хвезе гьабидалго, жинца Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи хвезабун. **Жинца Аллагьасе ﷻ гьабураб къотIи тIубазе гьабурав чиясе Аллагьас ﷻ цIакъ кIудияб ажро кьела.** Абадияб алжан кьела ва алжаналда вукIадго Аллагь ﷻ вихьиги ризкъилъун гьабила.

Гьаб ХIудайбияталда гьабураб сулхIалъул бицунел гIемерал хIадисал руго. Гьезул къокъаб хIасил буго гьаб хадуб рехсараб жо: Гьижра гьабун хадуб анлъабилеб соналъул зулкъагIидат моцIалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIумра гьабизе къасдалда Мадинаялдаса вахъун Маккаялдехун ана. Гьевгун цадахъ азаралда анкьнусго, яги азаралда шунусго асхIаб вукIана. Гьезда гьоркьов лъабнусго чи чуязда рекIаралги рукIана.

Маккаялда аскIор щун ХIудайбият абураб бакIалда Аллагьасул свалат салам лъеяв аваргги гьесул асхIабзабиги рештIана хIохь бахъи гьабизе, сордоги базе. Гьениб цо гъуй букIана. Гьеб гъуялъул лъим хекого тIагIана ва гIадамал къечезе лъугьана. Гьеб хабар аварагасда ﷺ лъараб мехалъ гьес тIалаб гьабуна дагьабгIаги лълъим бугев чиго гьечIиш абун. Цодагьаб лъим жаниб бугеб цIарагI (посуда) жиндихъе босун бачIидал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб лъималдалъун какие чурана ва гьеб жинца какие чурараб лъим гъуялда жаниб тIуна. Гьеб гъуй ццебеккун букIараб хIалалъ лълъел цIуна ва кигIан тIаса босаниги дагьлъулебги букIинчIо.

Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIаб жинда аскIов ахIана ва гьесда абуна: «Мун Маккаялъул Къурайшиязул церехъабазухъе а, ва дуца гьезда бице нилъ гIумра гьабизе рачIун рукIин, рагъ гьабизе рачIун гьечIеблъи»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абуна: «Я расулаллагьи! Дун хIинкъун вуго Къурайшияз дун къабул гьавиларо абун. Гьеб Маккаялда дие цIуни гьабулев чиги гьечIо. Гьезда лъала дие кин жал рихарал ругеб ва кинаб тушманлъи дир гьездехун бугеб. Дица дуе вихьизе гьавила гьенив витIине дидаса мустахIикъав чи. Гьев вуго ГIусман ибну ГIафан. Нилъеца гьев витIила Абусуфянихъе ва цогидал Къурайшиязул церехъабазухъе, гьезда бицине нилъ КагIба рукъалда зиярат гьабизе рачIун ругеблъи ва гьеб кIодо гьабизе рачIун ругеблъиги»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIаб витIана Маккаялда. Гьесие божилъи гьабуна СагIид ибну ГIасс абулев чияс ва гьев Абусуфянил рукъов щвана. ГIусман асхIабас жиндир мурад бицараб мехалъ Къурайшазул ханзабаз абуна: «Дуе бокьани мун КагIба рукъалде тIаваф гьабизе а»-абун. ГIусман асхIабас абуна: «Дица гьеб КагIба рукъалда тIаваф гьабиларо Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас тIаваф гьабун хадуб гурони»-абун.

Къурайшияца ГIусман асхIаб жидеда аскIов чIезе гьавуна, ХIудайбияталда тIаде вуссун витIичIого. Аварагасдаги ﷺ асхIабзабаздаги хабар щвана гьел Къурайшияца ГIусман асхIаб чIван вуго абун. Гьеб хабар жиндихъе щвараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нилъ гьаб бакIалдаса нахъе инаро гьеб къавмалда рагъ гьабичIого»-абун.

Цинги хирияв аварагас ﷺ асхIабзаби رضي الله عنهم ахIана байгIат гьабиялда. Гьеб букIана «БайгIату Ризван»-абун жинда цIар лъураб ХIудайбияталда цо гъветIалъул рагIдукь аварагги ﷺ гIодов чIун гьесие асхIабзабаца رضي الله عنهم: «ХвезегIан рагъила ниж аварaггун ﷺ цадахъ»-абун гьабураб къотIи. Цо гIалимзабаца абуна: «Рагъдаса лъутиларо ниж»-абун гьабуна гьеб къотIи абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас *«БайгIатул Ризван» гьабулеб мехалъ ГIафанил ГIусман Маккаялда ун вукIана. Аварагас ﷺ абуна: «Я дир Аллагь! ГIусман вуго Аллагьасул* جل جلاله *ва Аллагьасул расуласул* ﷺ *хIажат тIубазе витIун арав»-абун. Цинги аварагас* ﷺ *жиндир цояб квер цогидаб кверaлде тIаде къабуна ва жинца абуна: «гьаб буго ГIусманил байгIат»-абун. ГIусман асхIабасе аварагас* ﷺ *гьабураб байгIат цIакъ къимат кIудияб ва хирияб байгIат букIана»*-абун. ХIадис Байгьакъияс бицана.

Гьеб къоялъ киналго асхIабзабаца байгIат гьабуна цохIо чияс хутIизегIан. Гьев чиги Алжаду ибну Къайс вукIана. Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьеб къоялъ гъветIалда гъоркь байгIат гьабурал гIадамазул цониги чи жужахIалда лъугьуларо»»-абун.

Гьеб байгIат гьабун хадуб Маккаялъул Къурайшиязда байгIат гьабиялъул хабар рагIана ва жал хIинкъана рагъ гьабизе. Къурайшияз аварагасухъе расулал ритIун сулхI (маслахIат) гьаби тIалаб гьабуна. Аварагас ﷺ гьезул гьари къабул гьабун маслахIат гьабуна. Гьеб

маслахIат букIана гьаб соналъ аварагги ﷺ асхIабзабиги رضي الله عنهم Маккаялда жанир лъугьинчIого тIаде руссун ине ва тIасияб соналъ гьел гIумра гьабизе рачIине. Лъабго къоялъ Маккаялдаги рукIун цинги тIаде руссун инеги. Цогиги гIемерал шартIал рукIана гьеб маслахIаталъул. Цо-цо асхIабзабазе цIакъ захIмалъун букIана гьеб ХIудайбияталдаса нахъе руссун ин. Гьаб сулхIалъул хабар нилъеца хадубги бицине буго гьабго сураталда жаниб иншаАллагь.

سَيَقُولُ لَكَ ٱلْمُخَلَّفُونَ مِنَ ٱلْأَعْرَابِ شَغَلَتْنَآ أَمْوَٰلُنَا وَأَهْلُونَا فَٱسْتَغْفِرْ لَنَا يَقُولُونَ بِأَلْسِنَتِهِم مَّا لَيْسَ فِى قُلُوبِهِمْ قُلْ فَمَن يَمْلِكُ لَكُم مِّنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا إِنْ أَرَادَ بِكُمْ ضَرًّا أَوْ أَرَادَ بِكُمْ نَفْعًۢا بَلْ كَانَ ٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ﴿١١﴾

11. Мун тIаде вуссун Мадинаялда щвараб мехалъ **мунгун цадахъ ХIудайбияталда рачIичIого Мадинаялда чIарал агIрабаца, жидер иман загIипал ва мунафикъал гIадамаз дуда абизе буго: «Валлагьи ниж машгъул гьаруна мунгун цадахъ рачIиналдаса нижер хъизаназ ва магIишаталъ. Дуца Аллагьасда جل جلاله гьаре нижедаса тIаса лъугьа»-абун. Гьезул мацIаз абулеб буго гьезул рекIелъ гьечIеб жо.**

Гьез дуда гьереси бицунеб буго. Гьел нужгун цадахъ рачIинчIого чIун рукIана хIинкъун, гьезул ракIалдаги кколеб букIана Къурайшияца нужги чIвалин ва тIокIал тIад руссун нуж Мадинаялдаги рачIиларин абун.

**Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нагагь ТIадегIанав Аллагьасе бокьун бугони нужее цо мунфагIат гьабизе, яги цо зарал гьабизе щив чиха вугев жинда гьеб иш нахъе чIвазе кIолев?** Щивниги чи гьечIо. Нуж рукъор рахчун чIана абун хвалдаса хвасарлъуларо Аллагьасе جل جلاله бокьун букIарабани нуж регун ругеб босадаго кIола Аллагьасда جل جلاله нуж чIвазе гьаризе. **ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб гIамал ва бицулеб хабар.**

بَلْ ظَنَنتُمْ أَن لَّن يَنقَلِبَ ٱلرَّسُولُ وَٱلْمُؤْمِنُونَ إِلَىٰٓ أَهْلِيهِمْ أَبَدًا وَزُيِّنَ ذَٰلِكَ فِى قُلُوبِكُمْ وَظَنَنتُمْ ظَنَّ ٱلسَّوْءِ وَكُنتُمْ قَوْمًۢا بُورًا ﴿١٢﴾

12. **Нужеда ракIалда ккана Аллагьасул расулги ﷺ ва муъминзабиги тIокIал жидер агьлоялде тIаде руссинаро абун. ЩайтIаналъ нужер ракIазе гьединаб пикру бокьизе гьабуна ва нужеца цIакъ квешал пикрабиги ракIалда ккун рукIана.**

Гьел асхIабзаби Къурайшаца чIван тIагIизе гьарила абун ракIалда ккун букIана нужеда. **Нуж руго Аллагьасда جل جلاله аскIор цIакъ квешал,**

**гьесул цции бахъи ва гIазаб нужее тIалъараб къавм.**

**13. Жидеца Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ**, гьесул расуласдаги иман лъоларел гIадамазе х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьас жужахIалъул гIазаб хIадурун буго.**

وَمَن لَّمۡ يُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ فَإِنَّآ أَعۡتَدۡنَا لِلۡكَٰفِرِينَ سَعِيرٗا ﴿١٣﴾

**14. Киналго зобалазулги ракьалъулги ханлъи буго цохIо Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ**. Гьев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гIазаб гьабула жиндие бокьарав чиясе ва гьес мунагьалги чурула жиндие бокьарав чиясул. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуголъана жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев.**

وَلِلَّهِ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ يَغۡفِرُ لِمَن يَشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَن يَشَآءُۚ وَكَانَ ٱللَّهُ غَفُورٗا رَّحِيمٗا ﴿١٤﴾

**15. Гьел ХIудайбияталда рачIинчIого чIарал гIадамаз нуж гъазаватги гьабун гъанимат (давла) бакIаризе араб мехалъ абизе буго: «Нижги риччанте нужгун цадахъ рачIине»-абун.** Нижги рагъизе руго нужгун цадахъ. **Гьезие бокьун буго ТIадегIанав Аллагьас гьабураб къотIи хвезабизе, гьесул калам хисизе гьабизе.**

سَيَقُولُ ٱلۡمُخَلَّفُونَ إِذَا ٱنطَلَقۡتُمۡ إِلَىٰ مَغَانِمَ لِتَأۡخُذُوهَا ذَرُونَا نَتَّبِعۡكُمۡۖ يُرِيدُونَ أَن يُبَدِّلُواْ كَلَٰمَ ٱللَّهِۚ قُل لَّن تَتَّبِعُونَا كَذَٰلِكُمۡ قَالَ ٱللَّهُ مِن قَبۡلُۖ فَسَيَقُولُونَ بَلۡ تَحۡسُدُونَنَاۚ بَلۡ كَانُواْ لَا يَفۡقَهُونَ إِلَّا قَلِيلٗا ﴿١٥﴾

КъуртIуби абулев гIалимас абуна: «ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда ﷺ вахIю гьабун лъазе гьабун букIана ХIудайбияталдаса тIаде руссараб мехалъ Хайбаралда ине руго нуж, гьенир бергьинеги руго ва гьеб Хайбаралъул гъанимат гьаб ХIудайбияталда рукIарал асхIабзабазе гурони щвезеги гьечIо абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ муъминзабазе гьабураб къотIи букIана гьаб гьел Маккаялда щвечIого, КагIба рукъалда тIаваф гьабичIого тIаде руссун, ракI къварилъун рукIиндал. Гьаб къотIиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб мугIжизат букIана: Гьаб сурат рештIине гьабун букIиндал ХIудайбияталдаса тIаде руссун рачIулаго Мадинаялда щвечIого нухдаго ругеб мехалъ.

**Дуца гьезда абе МухIаммад** ﷺ**: «Нуж нижеда цадахъ рачIизе гьечIо! Гьеб Хайбаралъул гъанимат Х1удайбияталда рукIарал асхIабзабазе букIине буго абун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **цебекунго гьабураб къотIи буго»-абун. Гьел гIадамаз нужедахун абизе буго: «Гьеб жо Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIукму гьечIо. Гьеб буго нужеца нижедехун хIал хъублъи гьабун нужецаго гьабулеб хIукму»-абун**. Гьезул рагIи нахъе чIван ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьеб къавм буго жидее**

**дунялалъе маслахIат бугеб жо гурони бич1чIунарел гIадамал»-абун.**

Маккаялда аварагги ﷺ асхIабзабиги رضي الله عنهم унеб мехалъ гьел мунапикъзаби гьезда цадахъ ине разилъун рукIинчIо гьеб сафар букIиндал Аллагьасе جل جلاله гIоло КагIба рукъалда тIаваф гьабизе абун бухьараб. Жегиги хIинкъиги букIана Маккаялъул мушриказ рагъ гьабун къварилъи щвеялдаги. Гьенисан сах-саламат тIаде руссунги рачIун Хайбаралда гъазават гьабизе унеб мехалъ гьел мунафикъал гIадамазул хьул лъуна гьениб бергьенлъи щвеялда ва гьенисан гъанимат щвеялдаги. Гьеб дунялалъул нигIматалъе гIоло гьез абуна нижги риччанте нужгун цадахъ гьеб гъазаваталда абун.

ТIадегIанав Аллагь жинда балъгоябги, загьирабги жо лъалев вугелъул гьезул букIинесеб къисса аварагасда ﷺ бицана гьев Мадинаялда щвеледего ццебе.

قُل لِّلْمُخَلَّفِينَ مِنَ ٱلْأَعْرَابِ سَتُدْعَوْنَ إِلَىٰ
قَوْمٍ أُو۟لِى بَأْسٍ شَدِيدٍ تُقَٰتِلُونَهُمْ أَوْ يُسْلِمُونَ
فَإِن تُطِيعُوا۟ يُؤْتِكُمُ ٱللَّهُ أَجْرًا حَسَنًا وَإِن
تَتَوَلَّوْا۟ كَمَا تَوَلَّيْتُم مِّن قَبْلُ يُعَذِّبْكُمْ عَذَابًا
أَلِيمًا ﴿١٦﴾

**16. Гьел ХIудайбияталда рачIинчIого чIун рукIарал гIадамазда дуца абе МухIаммад ﷺ : «Нуж хадур ахIизе руго жидер къуват-гуч бугел къавмазда гъазават гьабизе. Гьезда нужеца рагъги гьабун нужер диналда руссине гьарила гьел, яги гьел рагъго гьабичIого нужее мутIигIлъизеги бегьила. Гьеб рагъ гьабизе ахIараб мехалъ нуж аварагасе ﷺ мутIигIлъани Аллагьас جل جلاله нужее лъикIаб ва берцинаб ажро кьезе буго:** Дунялалъул рукъоб бергьенлъиги гъаниматги кьезе буго, ахираталда алжанги кьезе буго. **Гьеб ахIиялъе мутIигIлъичIого нуж мугъбан руссани доб Х1удайбияталда ине ах1араб мехалъ мугъбан руссарал гIадин, цинги нужее Аллагьас جل جلاله цIакъ гучаб жинца ц1акъ унтизабулеб гIазабги гьабизе буго»-абун.**

لَّيْسَ عَلَى ٱلْأَعْمَىٰ حَرَجٌ وَلَا عَلَى ٱلْأَعْرَجِ حَرَجٌ
وَلَا عَلَى ٱلْمَرِيضِ حَرَجٌ وَمَن يُطِعِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ
يُدْخِلْهُ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ
وَمَن يَتَوَلَّ يُعَذِّبْهُ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٧﴾

**17. Аллагьасул جل جلاله диналъе гIоло гъазават гьабизе къватIире рахъа абун ахIараб мехалъ гьеб ахIиялъе жаваб кьезе кIвечIев беццав чиясе мунагь гьечIо, рекъав чиясеги мунагь гьечIо цоги щиб бугониги унти бугев чиясеги мунагь гьечIо. Т1адег1анав Аллагьасе мутIигIлъарал ва гьесул расуласеги мутIигIлъарал гIадамал Аллагьас جل جلاله алжаналда жанир лъугьизе гьарула: жидеда жаниса лъарал ва гIорал чвахулел бечедал ахал, ва берцинал**

**нигIматал ругел.**

**Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ аварагасеги صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ мутIигIлъичIого, гьез ахIараб мехалъ гъазават гьабизе рахъичIого мугъбан руссарал гIадамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ гучаб, жинца унтизе гьабулеб гIазаб гьабизе буго.**

۞لَّقَدْ رَضِيَ اللَّهُ عَنِ الْمُؤْمِنِينَ إِذْ يُبَايِعُونَكَ تَحْتَ الشَّجَرَةِ فَعَلِمَ مَا فِي قُلُوبِهِمْ فَأَنزَلَ السَّكِينَةَ عَلَيْهِمْ وَأَثَابَهُمْ فَتْحًا قَرِيبًا ﴿١٨﴾

**18. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь разилъана жидеца дуе байгIат гьабулел муъминзабаздаса ХIудайбияталда гъветIалъул рагIадалда гъокь мун вугеб гIужалъ.**

**Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъана гьел муъминзабазул рекIелъ бугеб ритIухълъи ва къотIи тIубазе бугеб къасд.**

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел муъминзабазда хIалхьей ва ракI парахалъи рештIине гьабуна ва гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиб гIагардаго бугеб бергьенлъиги кьуна.** Хайбар бахъана ва гьелъул гъаниматал щвана. Ахираталда гьезие алжаналъул нигIматал рукIине руго.

وَمَغَانِمَ كَثِيرَةً يَأْخُذُونَهَا ۗ وَكَانَ اللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٩﴾

**19. Хайбаралдаса гьел муъминзабазе гIемерал гъаниматалги кьуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Гьелдаса бай бихьун муъминзабазе гIемераб бергьенлъи ва гъаниматал кьуна.**

**ХIакълъунго Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир гIелму-хIикмат камилав.**

وَعَدَكُمُ اللَّهُ مَغَانِمَ كَثِيرَةً تَأْخُذُونَهَا فَعَجَّلَ لَكُمْ هَٰذِهِ وَكَفَّ أَيْدِيَ النَّاسِ عَنكُمْ وَلِتَكُونَ آيَةً لِّلْمُؤْمِنِينَ وَيَهْدِيَكُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيمًا ﴿٢٠﴾

**20. ТIадегIанав Аллагьас нужее жегиги гIемерал гъаниматал къотIи гьабулел руго я гьал муъминзаби! Нужеца гьел росизе руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазаваталги гьарун. Гьаб Хайбаралъул гъанимат Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее хекого кьуна.** ГIемер рагъ гьабичIого ва гIемераб гIакъубаги бихьичIого.

**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ капурал гIадамазул кверalgи ккуна нужее зарал гьабиялдаса.** Гьеб Хайбаралъул агьло ва гьезулгун цо-цае кумек гьабизе къотIи бугел къавмалги хIинкъана муъминзабазда рагъ гьабизе. **Гьал кIудиял бергьенлъаби Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьуна гьел гIаламаталлъун рукIине муъминзабазе Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ритIухъав расул вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел. Гьев аварагасдалъун صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ва гьесие кьурал гIажаибал**

**гьунараздалъун Аллагьас ﷻ нужги тIоритIизе битIараб исламияб диналда.**

Нужедаса хадур ругел муъминзабазеги далиллъун букIине ТIадегIанав Аллагь жиндир къотIи тIубазе гьабулев вукIиналъе ва жидеца Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьабураб мехалъ гьезие дунялалъул рукъоб бергьенлъиги гъаниматги щвезе букIиналъе ва ахираталда алжанал рукIине рукIиналъеги.

**21. Цогиги кIудияб бергьенлъи буго Аллагьас ﷻ нужее кьураб. Нужер гьелда хIалги кIозе букIинчIеб Аллагьасул ﷻ квер бакъиялдалъун гурони.** Гьаб буго Аллагьас ﷻ муъминзабазда Макка бахъизе букIиналдалъун рохел бицулеб заман.

وَأُخْرَىٰ لَمْ تَقْدِرُوا عَلَيْهَا قَدْ أَحَاطَ اللَّهُ بِهَا ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرًا ﴿٢١﴾

**ХIакълъунго Аллагь гьеб бергьенлъи нужее кьеялъе кинабго рахъалъан хIадурав вуго.** Гьеб Макка бахъи ва гьеб нужее букIине букIин жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амру буго. **Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.**

Жиндие бокьараб жо бокьулъин гьабулев, гьаб кинабго махлукъалъул жив цогояв БетIергьан. Гьев БетIергьан Аллагь жиндие рокьулел муъминзабазе квер бакъизе ва гьезие бергьенлъи кьезе хIал кIолев вуго. Аллагьасулги ﷻ аварагасулги ﷺ тушбаби къезаризе ва шушах рихизаризе кIолев вуго. Гьев Аллагьас ﷻ жиндир муъминал лагъзадерие гьезда ракIалдаго гьечIеб бакIалдасан ризкъи кьола ва гьезул божиго гьечIеб мехалъ бергьенлъиги кьола.

Гьаб Аллагьасул ﷻ хIал кIолъиялда камилаб хIалалъ иман лъун хадуб Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло гъазават гьабизе муъминчи хIинкъуларо. Киналго сабабалги рекъезе гьарун тушманасдаса бергьичIого ресго щиб абун хIадурлъун рагъ гьабизе рахъарал гIадамалги Аллагьас ﷻ квер бакъичIони рагъда бергьунаро. Рагъда бергьиги, къейги Аллагьасул ﷻ хIукму-къадаралда рекъон букIула. Гьеб гъазаваталда къватIире рахъи яги рахъун гутIи Аллагьасул ﷻ лагъзадерил гIамал буго. Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие гьабизе букIинги хIакъаб жо буго. Гьаб бицараб жо тасдикъ гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**22. Гьел капурзабаца нужеда рагъ гьабун букIарабаниги гьел нужедаса лъутун, тIурун ине рукIана. Цинги гьезие квербакъи гьабулев ва гьезие валилъи гьабулев щивго чиги вукIине вукIинчIо.**

وَلَوْ قَاتَلَكُمُ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوَلَّوُا الْأَدْبَارَ ثُمَّ لَا يَجِدُونَ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ﴿٢٢﴾

Гьаб амро гьадин бугониги ТIадегIанав Аллагьас жиндир хIикматалда рекъон ХIудайбияталда сулхI гьабуна ва Маккаялъул мушрикалги муъминзабиги цоцазул би гIодобе тIеялдаса цIунана.

سُنَّةَ ٱللَّهِ ٱلَّتِي قَدْ خَلَتْ مِن قَبْلُ وَلَن تَجِدَ لِسُنَّةِ ٱللَّهِ تَبْدِيلًا ﴿٢٣﴾

**23. Гьаб рехсараб хIукму (жиндир аварагасе ва муъминзабазе бергьенлъи кьей, капурзаби къезе гьариги) Аллагьасул ﷻ нух ва къагIида буго цересел умматазулъго жиб букIараб. Гьаб Аллагьасул ﷻ нух хисизабизе кIолев чи дуда кидаго ватизеги гьечIо.**

وَهُوَ ٱلَّذِي كَفَّ أَيْدِيَهُمْ عَنكُمْ وَأَيْدِيَكُمْ عَنْهُم بِبَطْنِ مَكَّةَ مِنۢ بَعْدِ أَنْ أَظْفَرَكُمْ عَلَيْهِمْ وَكَانَ ٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرًا ﴿٢٤﴾

**24. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужер БетIергьан, Маккаялда аскIор ругеб мехалъ гьел мушриказул кверал жинца ккурав нужее зарал гьабиялдаса ва нужер кверал гьел мушриказдасаги ккурав нужеца гьезда масжидул хIарамалда аскIоб рагъ гьабиялдаса, нужер гьел мушриказда кверщел батун букIун хадуб.**

**Гьев Аллагь ﷻ вуголъана нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев.**

Гьаб аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: ХIудайбият абулеб бакIалда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва асхIабзаби ругеб мехалъ сардилъ тIаде кIанцIун гьезие гъара (хIила) гьабизе ва гьел чIвазе жал ургъарал мушриказул лъабкъоялда анцIгоялдаса гIемерал гIадамал жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабазе кквезе щвана. Гьел аварагасухъе ﷺ рачун рачIараб мехалъ, аварагас ﷺ гьездасан тIаса лъугьун, гьел нахъе риччазе хIукму гьабуна. Гьелдаса хадуб ХIудайбияталъул сулхIги гьабуна.

هُمُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَصَدُّوكُمْ عَنِ ٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ وَٱلْهَدْىَ مَعْكُوفًا أَن يَبْلُغَ مَحِلَّهُۥ ۚ وَلَوْلَا رِجَالٌ مُّؤْمِنُونَ وَنِسَآءٌ مُّؤْمِنَٰتٌ لَّمْ تَعْلَمُوهُمْ أَن تَطَـُٔوهُمْ فَتُصِيبَكُم مِّنْهُم مَّعَرَّةٌۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۖ لِّيُدْخِلَ ٱللَّهُ فِى رَحْمَتِهِۦ مَن يَشَآءُ ۚ لَوْ تَزَيَّلُوا۟ لَعَذَّبْنَا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنْهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿٢٥﴾

**25. Гьел мушрикал рукIана жидеца Аллагьасда ﷻ инкар ккурал ва нуж Маккаялда жанир рачIун кагIба рукъалда тIаваф гьабиялдаса жидеца нахъе чIварал. Гьединго жидеца нахъе чIварал Маккаялъул мискинзабазе гьан бикьизе абун гьел муъминзабаца цадахъ бачун бачIараб боцIи гьел мискинзабахъе щвеялдаса.** Гьел мушриказул диналда рекъонги цIакъ квешаб ва къабихIаб гIамал букIана гьеб:

КагIба рукъалде тIаваф гьабизе гIадамал гьукъи ва Маккаялъул мискинзабазе бикьизе бачIараб боцIи гьезухъе щвезе биччан гутIиги.

**Гьеб Маккаялда жанир нужеда жал лъаларел, жидеца иман лъурал бихьиналги руччабиги рукIинчIелани. Нужеда гьел лъачIого гьел чIван нуж кIудияб мунагьалъулъ кколел.** Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее изно кьезе букIана Маккаялда жанир лъугьун гьел мушриказда рагъ гьабизе.

**Нуж Маккаялда жанир лъугьун рагъ гьабиялдаса Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нахъе чIвана: Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие рокьарал гIадамал жиндир рахIматалъулъ лъугьизе гьаризе гIологи.** ХIакъикъаталдаги гьеб ХIудайбияталъул сулхI гьабун хаду Маккаялъул агьлоялдаса гIемерал гIадамал исламияб диналда рачIана ва жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе квер бакъи гьабулеллъунги хьвадана.

**Гьел мушрикалги муъминзабиги Маккаялда жанир цоцадаса батIалъун рукIарабани ва муъминзабазе зарал ккела абун хIинкъиги букIинчIебани Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел мушриказе цIакъ гучаб гIазаб гьабизе букIана.**

**26. Маккаялъул капурзабаца жидер ракIазулъ муъминзабаздехун квешаб хIал хъублъи гьабураб мехалъ ва гьез жидер жагьилияб чIухIиги, гIамалкIодолъиги загьир гьабураб мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласул рекIелъ гIодов виччай ва сабро буголъи рештIине гьабуна.**

إِذْ جَعَلَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فِى قُلُوبِهِمُ ٱلْحَمِيَّةَ حَمِيَّةَ ٱلْجَٰهِلِيَّةِ فَأَنزَلَ ٱللَّهُ سَكِينَتَهُۥ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ وَعَلَى ٱلْمُؤْمِنِينَ وَأَلْزَمَهُمْ كَلِمَةَ ٱلتَّقْوَىٰ وَكَانُوٓا۟ أَحَقَّ بِهَا وَأَهْلَهَا ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمًا ﴿٢٦﴾

**Муъминзабазул ракIалги аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ мутIигIлъиялда ва гьесул хIукмуялда разилъиялда чIезе гьаруна ва гьел киналго; «Лаилагьа иллаллагьу МухIаммадун صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ расулуллагьи»-абураб калимаялда чIезе гьаруна.**

Гьеб буго унго-унгоял муъминзаби жинда чIолеб, гьезул Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъи ва гьесул расуласе صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ мутIигIлъи загьир гьабулеб калима. Муъминчиясда тIаде цо къварилъи бачIараб мехалъ, гьесда сверухъ балагьалги лъугьараб мехалъ, жинца гьаб рагIиги абун, гьелъул хIакъикъияб магIнаги рекIелъ жаниб лъугьизе гьабун жив Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расуласда вуссараб мехалъ, гьев муъминчиясе дунялалъул киналго къварилъаби кIочон тола ва кинабго жинда тIаде бачIунеб амро: лъикIаб букIа, квешаб букIа, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан букIин лъан, гьев сабруялда вуссула.

**Гьал муъминзаби рукIана Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее цIоб рахIмо гьабизе**

**мустахIикъаллъун ва гьелъие агьлолъунги.** Жидеца Аллагьасда ﷻ иман лъун, гьесул расул ритIухъ гьавун, гьесул диналъул ахIкамал тIаде росун рукIиндал, Аллагьас ﷻ гьезие дунялалда ва ахираталда лъикIлъи бугеб хIукму гьабуна. **ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго.** Жинца гьабулеб хIукмуги гьеб хIукмуялъул киналго рахъал лъан, гьелъул авалалъул ва ахиралъул маслахIат лъан гьабулев вуго.

Гьаб ХIудайбияталда гьабураб сулхIги гьелъул загьираб рахъ бусурбабазе квешаб бугин кколеб букIана, амма гьеб сулхI гьаби исламияб дин бергьизе ва загьирлъизе бай бихьиялъе сабаблъун ккана.

Гьаб аяталда жаниб жиндир бицен гьабураб мушрикаца гьабураб гIамал кIодолъи ва жагьилияб чIухIи букIана гьел мушриказулгун сулхI гьабун хъвалеб кагъат хъвазе байбихьараб бакIалда мушриказ ﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ﴾-абураб рагIи хъвазе биччан гутIи. Хадуб «МухIаммадун ﷺ расулуллагьи»-абураб рагIи хъвазе биччан гутIиги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьел мушриказ гьабураб гIамал кIодолъиялъе саброялдалъун жаваб гьабуна. Гьев хирияв авараг ﷺ вукIана жиндир киналго гIамалал ТIадегIанав Аллагьасул вахIюялда рекъон гьарулев. Гьев Аллагьасул ﷻ амруялдалъун гьабулеб сулхI букIана гьаб ХIудайбияталъул сулхIги.

Гьаб сулхIалъул къиса тIубазе гьабун, дагьабги баян бицун кIалъазе къотIи гьабун букIиндал, гьеб баян бицулеб буго ибну Касирица рицарал хIадисазул къокъабго хIасилги гьабун.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: «Жидеда Аллагь разилъаял Алмисвар ибну Махраматица ва Марван ибну ХIакамица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Х1удайбияталъул сулхI гьабураб соналъ гIумра гьабизе къасдалда къватIиве вахъун вукIана, гьесул рагъ гьабизе къасд букIинчIо. Гьев авараггун ﷺ цадахъ анкьнусго асхIабги вукIана, лъабкъоялда анцIго вараниги букIана Маккаялъул агьлуялъе садакъаялъе хъун гьан бикьизе рачарал.

«ГIасфан»-абураб бакIалда авараг ﷺ ва асхIабзаби щвараб мехалъ, гьесда данде вачIана Бишру ибну Суфян абулев чи ва гьес абуна: «Я расулаллагьи! Къурайшиял мун вачIулев вукIинги лъан дуда рагъ гьабизе къватIире рахъун руго. Жидеца гъалбацIазул цIакалги тIаде ретIун, мун маккаялда жанив лъугьизе теларо абун гьаялги гьедун, рагъуе хIадурун руго. Халид ибну Валидги вуго чода рекIаразул къукъаги бачун «КурагIал гъанам»-абулеб бакIалда чIун»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Вай жидеда балагь щваял Къурайшиял! Жал рагъалъ кванан тIагIаял! Гьел Къурайшиязе бугеб къвариъи щиб бугеб дун цоги гIадамал диналда ахIизеги, гьезулгун рагъ гьабизеги регIизе тани. Гьел цогидал гIадамаз дун чIвани Къурайшиязул мурад тIубалаан. Дун бергьани гьел Къурайшиялги исламияб диналда лъугьилаан жидее щибго заралги гьечIого. Валлагьи дица гьел Къурайшиязда жигьад гьабизе буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дун жиндалъун витIараб диналъе гIоло, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дие гьезда тIад бергьенлъи кьезегIан яги гьел Къурйшиял нахъе хутIизегIан (дун хвезегIан)»-абун.

Хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жал унеб нух хисизе гьабун «хIудайбият»-абулеб рахъалдехун ине рукIин лъазе гьабуна. Гьедин унаго «Саниятулмурар» абулеб бакIалде щвараб мехалъ аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ варани гIодобе чIана. АсхIабзабаца абуна: Гьеб варани свакан гIодобе чIараб буго абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб варани свакан гьечIо, гьелъул свакалеб тIабигIатги гьечIо. Гьаб варани гIодобе чIезе гьабуна пилазул (слонал) боял Маккаялда жанир риччачIого гIодоре чIезе гьарурав Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. Валлагьи дихъе Къурайшиял рачIани жидеца гурхIел-рахIмо ва рекъел тIалаб гьабун, дица гьезие гьеб гьарараб жо кьезе буго»-абун.

Цинги аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ гьеб бакIалда рештIен гьабизе амро гьабидалго цо асхIабзабаца абуна: «Я расулаллагьи! Гьаниб лъим гьечIо, нилъ кин гьанир чIолел абун. Аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ жиндир таргьа (сумка) рагьун цо чIор къватIибе бахъана ва гьеб чIор цо бакъвараб гъуялда жаниб лъе абун абуна. Гьеб чIор цо гъуялда жаниб лъураб мехалъ гьеб гъуй лълъималъул цIуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва асхIабзаби гьеб бакIалда гIодоре рештIун хIалхьараб мехалъ аварагасдехун صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ божилъиялда рукIарал ва гьесие хиянат гьабичIел «ХузагIат» кьибилалъул Будайл ибну Варкъаъ абулев чи вачIана цо гIадамалгун цадахъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIал цIехезе. Гьесдаги аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ бицана жив асхIабзабигун цадахъ КагIба рукъалда зиярат гьабизе вачIарав вуго абун. Гьев Будайл ибну Варкъаъ Маккаялде ун, гьес Къурайшиязда абуна: «Нуж щакдарулел руго МухIаммадил صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ хIакъалъулъ. Нуж щакдаруге. Гьев вагъизе вачIун гьечIо, гьев зиярат гьабизе вачIун вуго»-абун. Къурайшияз абуна: «Валлагьи гьев МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ Маккаялда жанив лъугьиларо нижер разилъи гьечIого, нижеца гIарабиял кIалъазе теларо МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ нижедаса бергьун вуго!»-абун.

Цинги Къурайшияз Микраз ибну ХIафс абулев чи витIана аварагасда ﷺ кIалъазе абун. Гьев чи вачIунев вихьаравго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьав чи вуго хIилла гьабулев чи»-абун. Гьев чи Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда ва асхIабзабазда رضي الله عنهم кIалъан тIаде вуссун индалго Къурайшияз АлхIулийс ибну ГIалкъамат абулев чи витIана аваргасухье жегиги гьесул хIал цIехезе. Гьев чи вачIулев вихьараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьав чи жиндир къадро кIудияблъун бихьулев чи вуго. Нужеца гьесие рихьулеб бакIалда садакъаде хъвезе бачIараб боцIи (варанаби) баче»-абун. Гьел варанаби гIемер ракъун рукIун цояз цоязда тIад бугеб рас кваналаго жинда данде рачIараб мехалъ, гьев ХIулайс, аварагасда ﷺ аскIовго щвечIого нахъе вуссун ана ва гьес Къурайшиязда абуна: «Я Къурайшиял! БичасхIаги дида рихьана Маккаялда щвечIого жал нахъе чIвазе бегьуларел, цояз цоязул рас кваналел ругел садакъаде рачIарл варанаби»-абун. Къурайшияз гьесул ракIиялдаги гIин тIамичIо, гьев ХIабашиязул наслоялъул чи вукIиналъ.

Цинги Къурайшияз ГIурват ибну МасгIуд абулев чи витIана аварагасда ﷺ кIалъазе ва гьес абуна: «Я МухIаммад ﷺ! Дуца данде гьарун руго къватIахье рукIунел, жидер къимат-къадро гьечIел гIадамазул боял ва гьелги рачун мун вачIун вуго дурго ватIаналда тIаде кIанцIун гьеб ватIан биххизабизе абун. Дида ракIалда ккола гьал чагIи дуда аскIосан лъутун ина абун ва метерисеб къоялъ мунго цохIо хутIила»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахъехун гIодов чIун вукIарав Абубакр асхIабасул цIакъ ццим бахъана ГIурватил рагIи рагIидалго ва гьес цIакъ чорокал рагIаби абуна ГIурватида. Г1урватица абуна: «Гьав чи щив вугев я МухIаммад ﷺ!»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьев вуго абу КъухIафатил вас»-абун.

Гьев ГIурватица аварагасул ﷺ мегежалда квер битIун гьеб ккураб мехалъ, аварагасда ﷺ нахъа ярагъги кодоб ккун вукIарав Алмугъират ибну ШугIбатица абуна: «Дуца квер нахъе босе дица гьеб къотIун гIодобе рехилелде ццебе»-абун.

Цинги гьев Г1урват Къурайшиязухье тIаде вуссун ана ва гьес абуна: « Я Къурайшиязул жамагIат! Дун Кисра ханасухъе щвана, Къайсар ханасухъги щвана. Х1абашиязул улкаялда Нажашиясухъги щвана. Валлагьи дида гьев МухIаммадил ﷺ гьесул асхIабзабаца хъулухъ гьабулеб хIалалъ жиндир хъулухъ гьабулев цоги хан вихьичIо. Валлагьи гьав МухIаммад ﷺ гьел асхабзабаца абадиялъ живго тезе гьечIо ва, щибжо жидее къуниги, гьез Мух1аммад ﷺ къватIивги къезе

гьечIо!»-абун

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ГIусман асхIаб Маккаялда витIун хадуб «БайгIатул-ризван»-абураб къотIи асхIабзабазулгун гьабидалго. Маккаялъул агьлоялъул рекIелъ Аллагьас ﷻ хIинкъи реххана ва гьел аварагасулгун ﷺ маслихIат гьабиялда рачIана. Къурайшияз Сугьайл ибну ГIамру абулев чи витIана рекъел гьабизе ва гьесдаги амро гьабуна: «Дуца рекъел гьабе исана гьев МухIаммад ﷺ Маккаялда жанив лъугьинчIого нахъе вуссиналъул шартIалда! Валлагьи гIарабиял кIалъазе тезе бегьуларо МухIаммад ﷺ Маккаялда жанив лъугьун вуго Къурайшиязул изнуги гьечIого»-абун. Гьев Сугьайл вачIунев аварагасда ﷺ вихьарабго гьес абуна: «Къурайшияз рекъел гьабизе бокьун буго гьав чи нилъехъе витIиналдалъун»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва Сугьайл гIемераб мехалъ цоцаде кIалъан, ахирги къотIи гьабун кагъат хъваялда ирга щвараб мехалъ жинда Аллагь разилъяв ГIумар асхIаб Абубакр асхIабасухъе кIанцIана ва гьес абуна: «Я Абубакр! Гьав МухIаммад ﷺ Аллагьасул ﷻ расул гьечIищ? Нилъги бусурбаби гьечIищ? гьел гIадамалги мушрикал гьечIищ? Нилъеца щай гIодогIанлъи кьолеб нилъерго диналъе?»-абун. Абубакр асхIабас абуна: «Я ГIумар: Мун гьев аварагас ﷺ гьабураб ишалда тIад чIа кин гьеб иш бугониги. Дица нугIлъи гьабулеб буго гьев МухIаммад ﷺ Аллагьасул ﷻ расул вуго»-абуна. Г1умар асхIабас абуна: «Дицаги нугIлъи гьабулеб буго гьев Аллагьасул ﷻ расул вуго»-абун. Цинги Г1умар асхIаб аваргасде ццеве вачIана ва гьес абуна: «Я расулаллагьи! Нилъ бусурбаби руго гурищ? Гьал гIадамал мушрикалги руго гурищ? Нилъеца щай гIодогIанлъи кьолеб нилъер диналъе?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дун Аллагьасул ﷻ расул вуго, гьесул лагъги вуго, дун хилифлъуларо Аллагьас ﷻ дида гьабураб амруялъе. Дир божи буго гьев Аллагьас ﷻ дун гIададе хвезе гьавиларо»-абун.

Гьалдаса хадуб Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абулаан: «Дица гIемер кIалал ккуна, садакъа кьуна, дугIа гьабуна, какалги рана гьаб дица аварагасдехун ﷺ гьабураб каламалъул мунагь чуризе бокьун ва Аллагь ﷻ дидаса тIаса лъугьине бокьун»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ГIали асхIаб аскIове ахIун гьесда амро гьабуна: «Дуца хъвае: ﴿بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ﴾-абун Сугьайлица абуна: Дида гьеб рагIи ва гьев рахIман лъаларо. Дуца хъвае: «Бисмикаллагьумма»-абун. (гьаб букIана Къурайшазул къотIи ва цогидаб жо хъвазе жинда лъун бай бихьулеб рагIи гьелъул магIна

буго: «Дица дур цIаралдалъун бай бихьи гьабулеб буго я дир Аллагь ﷻ »-абураб). Цинги аварагас ﷺ ГIали асхIабасда رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: «Дуца хъвае: «Бисмикаллагьумма. Гьаб буго МухIаммадица ﷺ, Аллагьасул ﷻ расулас, гьабураб къотIи»-абун. Цингиги Сугьайлица абуна: «Нижеда лъаларо мун расулуллагь вукIин. Гьеб нижеда лъалеб букIараб ани нижеца дуда данде рагъ гьабизе букIинчIо. Дуца хъвае: «Гьаб буго МухIаммад ﷺ ГIабдуллагьил вас ва Сугьайл ГIамрил вас жинда рекъараб маслахIат»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Валлагьи дун Аллагьасул ﷻ расул вуго, нужеца дун гьереси гьавуниги»-абун. Цинги хирияв аварагас ﷺ Г1алиасх1абасда رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُ абуна: «Дуца хъвае: МухIаммад ﷺ ГIабдуллагьил вас»-абун. ГIали асхIабас абуна: «Валлагьи дица дур цIар хвезе гьабиларо гьаб кагъаталдаса»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндирго квералъ хвезе гьабуна «Расулуллагь»-абун хъвараб бакI…

Гьеб сулхIалъул кагътида хъвараб жоялъул хIасил букIана: «Къурайшаздаги аварагасдаги ﷺ гьоркьоб къотIи гьабулеб букIана анцIго соналъ цоцаде рагъичIого рукIине. Гьаб соналъ авараг ﷺ ва асхIабзаби رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ Маккаялда жанир лъугьичIого нахъе руссине. ТIасияб соналъ Къурайшазул ханзаби Маккаялдаса къватIир ун аварагасе ﷺ ва асхIабзабазе رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ лъабго къоялъ Маккаялда рукIине изну кьезе. Гьезухъ ярагъги гьечIого букIине лъелалда жаниб бугеб хвалчен гурони. Къурайшияздаса аварагасухъе ﷺ лъутун арал гIадамал аварагас ﷺ нахъе руссизе гьарун Къурайшазухъе кьезе. Аварагасдаса ﷺ лъутун Къурайшазухъ арав чи Къурайшаца нахъе кьечIого тезе»-абун.

Гьаб кагъат хъван хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас асхIабзабазда رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ амро гьабуна жидеца цадахъ рачарал садакъаялъул варанаби хъве, расги кIкIвае, ГIумраги биче абун. Хириял асхIабзаби гьеб амро цIакъ захIмалъун цонигиясе бищун цебе гьеб амро тIубазе кIоларого хутIанана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагун цадахъ гьеб сафаралда гьесул чIужу Уммусаламат йикIана. АсхIабзабазул хIал гьелда бихьараб мехалъ Уммусаламатица абуна: «Я расулаллагьи! Дуда бихьула буго гьаб къавмалда бугеб хIал! Дуца гьел асхIабзабиги тун дурго садакъаде бугеб варани хъве ва расги кIкIвае. Цинги асхIабзабаца дур амро тIубазе буго»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндирго квералъ вараниги хъуна, жиндир расги кIкIвана. Хадуб киналго асхIабзабацаги гьебго жо гьабуна.

Цинги тIаде руссун жал Мадинаялда рачIулаго ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв расуласда ﷺ гьаб «суратул ФатхI»-рештIине гьабуна ва аварагас ﷺ жиндир асхIабзабазе гьеб сурат цIалун гьезда рохелги бицана.

لَّقَدْ صَدَقَ ٱللَّهُ رَسُولَهُ ٱلرُّءْيَا بِٱلْحَقِّ لَتَدْخُلُنَّ ٱلْمَسْجِدَ ٱلْحَرَامَ إِن شَآءَ ٱللَّهُ ءَامِنِينَ مُحَلِّقِينَ رُءُوسَكُمْ وَمُقَصِّرِينَ لَا تَخَافُونَ فَعَلِمَ مَا لَمْ تَعْلَمُوا۟ فَجَعَلَ مِن دُونِ ذَٰلِكَ فَتْحًا قَرِيبًا ﴿٢٧﴾

**27. ХIакълъуго Аллагьас ритIухъаблъун гьабуна жиндир аварагасе ﷺ гьесда бихьараб хIакъаб макъу.** Аварагзабазда бихьараб макъу хIакъаб букIуна, щайтIаналда кIоларо гьезие зарал гьабизе ва гьезие макъилъ бугоники, хIакъикъаталда бугони жидер батIулаб жо уяблъун бихьине гьабизе.

Гьеб макъуги буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда макъилъ бихьун букIана живги жиндир асхIабзабиги Маккаялда жанире лъугьана абун щибго жидее хIинкъиги гьечIого, хадуб КагIба рукъалда сверун тIавафги гьабун цояз бетIералъул рас кIкIвана ва цояз гьеб рас къокъ гьабуна абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб макъу жиндир асхIабзабазда бицун букIана ва гьелги кутакалда роххун рукIана. Цинги ХIудайбияталдаги ун нахъе руссараб мехалъ цо-цо иман загIифал асхIабзаби щакдарун гьез абуна: «Валлагьи нилъеца бетIерги кIкIвачIо, гьелъул рас къокъги гьабичIо, нилъеда КагIба рукъги бихьичIо! Кибеха араб аварагасе ﷺ бихьун букIараб макъу?»-абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна ва аварагзабазда бихьараб макъу ритIухъаб букIулеблъи бицана. Хадубги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазда роххел бицун абуна: **«Валлагьи нуж КагIба рукъалда сверун бугеб масжидул хIарамалда лъугьине руго, инша Аллагь. Нужеца ботIрол расги кIкIвазе буго, цояз гьеб рас къокъ гьабунги тезе буго. Нуж щибго жоялдаса хIинкъизеги гьечIо. ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьеб сулхI гьабиялда жаниб бугеб маслахIат, жиб нужеда лъачIеб.** Гьелъулъ бугеб кIудияб хIикматги. Гьеб кинабго жо нужеда лъаларо.

Гьеб ХIудайбияталда сулхI гьабун хадуб гIемерал гIадамал исламияб диналда рачIана щибго рагъ гьабичIого. Гьеб сулхI гьабулеб мехалъ азаралда шунусго гIадав асхIаб вукIун ватани, кIиго сонги гьоркьоб ун Макка бахъараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ анцIазарго асхIаб вукIана.

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее гьеб Макка бахъилелде цебе жиб гIагардаго**

**исламияб рагьи гьабуна.** Цо г1алимзабаца абуна: ХIудайбияталъул сулхI гьабуна. Жиндилъ «БайгIатул ризван» гьабураб ва гьеб сулхI гьабуралдаса бай бихьун исламги гIатIилъараб. Цоги гIалимзабаца абуна: Хайбар бахъи гьабуна нужее Макка бахъилелде щцебе абун.

هُوَ ٱلَّذِىٓ أَرْسَلَ رَسُولَهُۥ بِٱلْهُدَىٰ وَدِينِ ٱلْحَقِّ لِيُظْهِرَهُۥ عَلَى ٱلدِّينِ كُلِّهِۦ ۚ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًا ﴿٢٨﴾

**28. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужеца жиндие гIабадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан. Жинца нужеда жиндир хIакъав расул витIарав; гIадамал жинца тIоритIулеб къуръанги босун ва хIакъаб исламияб динги босун.**

**Гьев расул витIана жинца гьеб хIакъаб исламияб дин киналго диназда тIад загьир гьабизе, гьелдалъун цогидал киналго диналги насхо (хвезе) гьаризе. Гьев Аллагь ﷻ гIезе вуго нугIлъун хирияв МухIаммад ﷺ жиндир расул вукIиналъе.**

Жинда Аллагь разилъаяв Тамиму Дариясдаса бицараб хIадисалда буго: *«Дида Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг рагIана жинца абулев: «Гьаб дин щвезе буго сордоги къоги щвараб щинаб бакIалда. ТIадегIанав Аллагьас цониги рукъ тезе гьечIо жинда жаниб гьаб дин лъугьичIеб. Гьаб диналдалъун Аллагьас ﷻ муъминзаби кIодо гьаризе руго ва куфурзаби гIодогIан гьаризе руго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Нужее гьаб дунялалъул машрикъал ва магърибал рагьизе руго. Цинги исламияб хIукуматалъ гьел ракьазда тIад тарал киналго хIакимзабиги жужахIлда жунире унел рукIине руго, Аллагьасдаса ﷻ жал хIинкъарал дагьалго хIакимзаби хутIизегIан»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

ХIудайбияталдаса нахъе руссун хадуб кIиго моцIги Мадинаялда бан сафар моцIалъ къватIире рахъун Хайбаралда гъазават гьабуна. Гьенирги ХIудайбияталда рукIарал асхIабзаби гурони рачичIо. Гьениса щвараб гъаниматги гьел асхIабзабазда гьоркьоб бикьана ва гьеб заманаялъ ХIабашияб улкаялдаса тIаде руссун рачIарал АбутIалибил ЖагIфарие ва гьевгун цадахъ рачIаразеги, Абумусал АшгIариясеги гьесул асхIабзабазеги кьуна Хайбаралъул гъаниматалдаса бутIа.

Гьижраялъул анкьабилеб соналъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIумра гьабизе ана жиндир асхIабзабиги цадахъ ручун. Гьел Маккаялде щолеб мехалъ Маккаялъул ханзаби гьенисан къватIире ана: Гьезул яхI лъугьичIо аварагасда ﷺ ва асхIабзабазда ралагьун рукIине гьез КагIба рукъалда тIаваф гьабулеб мехалъ. Цогидаб Маккаялъул агьло тIохазда тIаде рахун, рагьабазда, рагъабазда чIун Аллагьасул свалат

салам лъеяв аварагасда ва гьесул асхIабзабазда ралагьун рукIана. Лъабго къоги Маккаялда бан хирияв авараг ﷺ ва асхIабзаби رَضِيَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ тIаде руссун Мадинаялда ана. Гьижраялъул микьабилеб соналъ анцIазарго асхIабги цадахъ вачун Макка бахъизе ана ва щибго рагъ гьабичIого хирияб Макка шагьар исламияб шагьарлъун лъугьана ва хирияб КагIба рукъги хъанчаздаса бацIад гьабун цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабулеб рукълъун лъугьана. <u>АлхIамдулиллагь!</u>

مُّحَمَّدٌ رَّسُولُ ٱللَّهِ ۚ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥٓ أَشِدَّآءُ عَلَى
ٱلْكُفَّارِ رُحَمَآءُ بَيْنَهُمْ ۖ تَرَىٰهُمْ رُكَّعًا سُجَّدًا يَبْتَغُونَ
فَضْلًا مِّنَ ٱللَّهِ وَرِضْوَٰنًا ۖ سِيمَاهُمْ فِى
وُجُوهِهِم مِّنْ أَثَرِ ٱلسُّجُودِ ۚ ذَٰلِكَ مَثَلُهُمْ فِى
ٱلتَّوْرَىٰةِ ۚ وَمَثَلُهُمْ فِى ٱلْإِنجِيلِ كَزَرْعٍ أَخْرَجَ
شَطْـَٔهُۥ فَـَٔازَرَهُۥ فَٱسْتَغْلَظَ فَٱسْتَوَىٰ عَلَىٰ
سُوقِهِۦ يُعْجِبُ ٱلزُّرَّاعَ لِيَغِيظَ بِهِمُ ٱلْكُفَّارَ ۗ
وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ
مِنْهُم مَّغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًۢا ﴿٢٩﴾

**29. Гьал мушрикаца жив гьереси гьавулев, гьез жиндие къварилъиги гьабулев МухIаммад ﷺ хIакъав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расул вуго. Гьев МухIаммадида ﷺ цадахъ ругел асхIабзабиги жидеца капурзабазда цIакъ рагъ гьабулел руго, жал цоцадехун цIакъ гурхIулелги руго.** Гьаб буго хIакъикъиял муъминзабазул сифат: Аллагьасулги جَلَّ جَلَالُهُ жидерги тушбаби капурзабазда жидеца тушманлъи гьабулел, жидее гьел цIакъ рихарал рукIин.

Ва амма муъминзаби цояв цоясда цIакъ гурхIулев ваццлъун, васлъун, эменлъун вукIин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Муъминзаби цоцазе рокьиялъул ва гьел цоцаде гурхIиялъул мисал буго цохIо къаркъалаялъул мисал: Гьеб къаркъалаялдаса цо лага унтараб мехалъ тIобарабго къаркъала рахIат хун, макьу тун лъугьула»*-абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Цоги хIадисалда буго: *«Муъминчи цогияв муъминчиясе цохIо минагIадин вуго. Гьеб минаялъул цоялъ цояб щула гьабула»*-абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Гьаб хIадис бицулаго аварагас ﷺ жиндир кIиябго квералъул килщал цоцалъе рахъана: Гьадин цояз цоял ккола муъминзаби абураб магIнаялда.

**Дуда гьел муъминзаби рихьула жидеца гIемерал какал ралеллъун; рукугI-сужда гьабун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIоб рахIматалда хьул лъун жал хьвадулелъун, жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабулеллъунги. Гьел муъминзабазул гьумералда гIаламат букIуна жидеца гIемераб сужда гьабиялъул.** Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: гьеб гIаламат буго гьел гIадамал берцинаб руцIцIун

чIеялда рукIунел рукIин. Дунялалъул хабар бицун, гIададисеб дагIбакъец гьабун жидер гьумералъул берцинаб сифат тIаса ине гьабуларел рукIула. **Гьаб муъминзабазул мисал бицун буго Тавраталда жанибги.**

Жинда Аллагь разилъаяв Жабирица абуна: «Жинца сардилъ какал гIемер ралев чиясул гьумералда къад берцинаб сифат букIуна»-абун.

Цоги лъикIал гIадамаз абуна: «ЛъикIаб гIамалалъул рекIелъ нур букIула, гьумералда гвангъиги букIуна, ризкъи гIатIилъиги букIуна, гьев чи гIадамазеги вокьула»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIабасдасаги бицана: «Цониги чияс рекIелъ балъголъи бахчун бугеб мехалъ Аллагьас ﷻ гьесул гьумералда ва гьесул мацIалда гьеб балъголъиялъул асар загьир гьабула»-абун.

Ибну ХатIибица абуна: «Гьаб суждаялъул асар гьумералда загьирлъула»-абураб рагIиялдаса мурад гьечIо цо-цо чиясул нодоялда лъугьулеб тIанкI гьев чияс къвакIараб бакIалда сужда гIемер гьабураб мехалъ. Гьаб рагIиялъул мурад буго гьев чи Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав, гьесие хIеларав вукIиналдалъун гьесул гьумералда букIунеб берцинаб сифат. Цо-цо гIадамал руго жидеца гIемер какалги ралел цинги гIадамазе къварилъиги гьабулел: Аллагьасул ﷻ хIакъ тIубаларел, жидеца гьибат-бугьтан гьабулел, гIадамазул гIайибал цIехон жидералго кIочон хьвадулел. Гьал гIадамазул гьумералда гьеб берцинаб сифат букIунаро ва гьезул гьумер жиб бихьизе бокьулареб букIуна»-абун.

**Гьал муъминзабазул мисал Инжилалда жанибги бицун буго жиб бижун жиндир тIамах загьирлъараб хуралда релъуна абун: цинги гьеб бижараб жо щулияб, бицатаб лъугьулеб ва жиб бижун, бахъун чIун хIубилъун лъугьулеб ва гьеб хуралдалъун жидеца гьеб бекьарал ва хьарал гIадамал роххун ва чIухIун рукIунеб. Гьаб мисалалдалъун капурал гIадамазул кутакалда ццимги бахъизе гьабула.** Муъминзаби гIемерлъи, гьезул къуват цIикIин капурзабазе цIакъ бокьулареб жо буго. гьаб мисалги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва гьесул асхIабзабазе бачараб мисал буго. Исламияб дин бай бихьуда цохIо авараг ﷺ вукIана, цинги дагь-дагь ккун гьесул асхIабзаби гIемерлъана, исламияб динги тIибитIана ва гьелдалъун капурзабазул цIакъ ццимги бахъана. Амма гьезул ццим бахъана абун ТIадегIанав Аллагьас жиндир хIакъаб дин ракьалда тIад тIибитIизе гьабичIого толаро.

**Жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун, аварагасда ﷺ нахъги**

**рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи гьабун буго гьезул мунагьал чурила абун ва гьезие цIакъ кIудияб ажро-кири гьабила абун.** Гьеб ажроги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи буго, гьесул нигIматазул алжаналги руго. Бищунго кIудияб ажро ахираталда ТIадегIанав Аллагь вихьи буго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тавпикъ кьеги жив разилъулеб гIамал гьабизе.

Хириял асхIабзаби жидее Къуръаналда жаниб кIудияб рецц гьабурал руго. Хасго гьаб сураталда жаниб гьел асхIабзабазе гIемер кIудияб рецц гьабун буго. Гьел асхIабзаби кIодо гьаризе, гьезул хIурмат ва адаб гьабизе нилъедаги тIадаб буго. АсхIабзаби рихарав, гьезда квешаб рагIи абурав чи капурлъула абуна гIемерисел гIалимзабаца.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца дир асхIабзабазда квешаб жо абуге! Дир нафс жинда кодоб бугев Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *цIаралдалъун гьедулев вуго дун: Нужер цояс ухIуд мегIер гIадаб месед садакъаде ва гъазаваталъе нафакъаде кьуниги, гьев чиясул макъам бащалъуларо асхIабзабазул цохIо муд (якъия, 600 гр.) яги гьелъул бащалъи садакъаде кьурасул макъамалда»*-абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун суратул ФатхIалъул тафсир ва таржама хъван тIубана .

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 49. Суратул Х1ужурат

سُورَةُ الحُجُرَاتِ

*Гьаб сураталда жаниб, жиб къокъаб букIингун цадахъ гIемер кIвар бугел масъалаби рицун руго. Исламияб тарбиялъул ва инсанасул маданияталъул (культура) хIукмаби жинда жанир рукIиналъ гьаб сураталда «тIабигIат гIамал бицунеб сурат»-абун цIар тана цо-цо гIалимзабаца.*

*Сураталъул бай бихьи гьабун буго хирияв аварагасул ﷺ мажлисалда ругеб мехалъ гьесул адаб гьабиялъул баян бицун. Гьесул рагIиялдаса цоги рагIи цебе гьабун гутIи, гьесул хIукмуялдаса цоги хIукму цебе гьабун гутIиги. Жиндир гIакъло бицун инсан кIалъазе рекъараб гьечIеблъи бицун буго гьев аварагасде ﷺ мушавара гьабун гурони ва гьес тIаса бищараб жо жинца т1асса бищун гурони.*

*Хадуб бицунеб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIоб гьаракь борхунгутIиялъул. Гьев цогидал гIадамаздаса тIокI гьавун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ расуллъун гьавун вугелъул, гьесул адаб хIурматги цогидаздаса тIокIаб букIине ккола. Муъминзабаца цоцада нахъаса квешаб хабар бицизе бегьун гутIи, гъибат, бугьтан гьаби кIудияб мунагь букIин баян гьабун буго. Жинда хIакъикъат лъалареб хабар гIадамазда гьоркьоб бицунге абулеб буго, ракIалда ккараб щинаб пикруялда хадув унге абунги лъазе гьабулеб буго.*

*Инсанас цоги инсан махсароде гьави, гьесда тIад велъанхъи, гьесда бералъ, кверალъ ишараби гьари къабихIаб пиша букIинги бицун буго.*

*Сураталъул ахиралда баян гьабулеб буго жидеда иман лъей цIохIо кIалзул рагIи буго абун ракIалда ккарал ва жалги муъминзаби руго абун аварагасухъе ﷺ рачIарал гIарабиязул хIал. Гьедин рачIараб мехалъ г1арабиязда баян гьабулеб буго иман-исламалъул хIакъикъат ва камилав муъминчиясул шартIалги рицунел руго. Гьел шартIалги руго ракIалъ иман лъурал рукIин, гьеб иман бацIадго, ширк гьабичIого лъураб букIин, жидеца жидер нафсаздалъун ва боцIималалдалъун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабулел рукIинги.*

*Сураталда цIар тун буго «ХIужрабазул сурат»-абун, гьаб сураталда жаниб жидеда Аллагь разилъаял муъминзабазул улбуллъун жал ругел аварагасул ﷺ руччабазул рукъзазул (хIужрабазул) адаб бицун бугелъул.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تُقَدِّمُواْ بَيۡنَ يَدَيِ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٞ ١

**1. Я гьал иман лъурал гІадамал! Нужеца кинабгІаги иш гьабуге Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул расуласдаги цебе.**

Гьев авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вугеб бакІалда цо масъала бачІараб мехалъ нужеца жаваб кьоге аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ цере кІанцІун. Квен-тІех цебе бачІани аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ бай бихьичІого нужеца бай бихьуге квен кваназе. Цо бакІалда унел ругони аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ цере лъугьунге. **Нуж Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гІазабалдаса хІинкъа** ва гьев Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул расуласдаги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гІиссилъуге. **ХІакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо рагІулев ва кинабго жо лъалев.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَرۡفَعُوٓاْ أَصۡوَٰتَكُمۡ فَوۡقَ صَوۡتِ ٱلنَّبِيِّ وَلَا تَجۡهَرُواْ لَهُۥ بِٱلۡقَوۡلِ كَجَهۡرِ بَعۡضِكُمۡ لِبَعۡضٍ أَن تَحۡبَطَ أَعۡمَٰلُكُمۡ وَأَنتُمۡ لَا تَشۡعُرُونَ ٢

**2. Я гьал иман лъурал гІадамал! Нужеца гьаракь борхизе гьабуге аварагасул** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьаракьалдаса тІадехун .** Гьев аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ калам гьабулеб мехалъ нужеца гьесулалдаса гьаракь гІодобгІан гьабе, гьесул адаб хІурмат гьабун.

**Нужеца гьединго гьаракь борхизе гьабуге аварагасда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **аскІор рукІун цо-цаде рагІи абулеб мехалъги нужго ругеб мехалъ нужеца гьаракь борхизе гьабулеб хІалалъ.** Нужеца гьев аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ хитІабги гьабуге «я МухІаммад»-абун, гьесда хитІаб гьабе: «Я расулаллагьи, я Набияллагьи» абун. **Гьедин адаб тун нуж ругони нужер кинабго лъикІаб гІамал гІададе хвараб букІине буго ва нужеда гьеб гІамал гІадада хвараблъиги лъазе гьечІо.** Гьаб аят рештІине гьабуна жидеда аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ адаб гьабизе лъаларел, алахалда гІурал гІарабияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къварилъи гьабидалго ва гьез аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ мажлисалда гьаракь борхун кІалъай гьабидалго. Гьединго гьез ахІулеб букІана: Я МухІаммад! абун.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَغُضُّونَ أَصۡوَٰتَهُمۡ عِندَ رَسُولِ ٱللَّهِ أُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ ٱمۡتَحَنَ ٱللَّهُ قُلُوبَهُمۡ لِلتَّقۡوَىٰۚ لَهُم مَّغۡفِرَةٞ وَأَجۡرٌ عَظِيمٌ ٣

**3. Х1акълъунго жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **расуласда аскІор ругеб мехалъ гьаркь гІодобегІан гьабулел гІадамал руго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жидер ракІал иманалъе ва Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **хІинкъиялъе къачІарал, гІицІ гьарурал гІадамал.**

**Гьезие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан мунагьал чури буго ва кIудияб ажроги буго. Ахираталда гьезие нигIаматазул алжаналги руго.**

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُنَادُونَكَ مِن وَرَآءِ ٱلْحُجُرَٰتِ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿٤﴾

**4. Х1акълъунго жидеца дуда «я МухIаммадан» ахIулел гIадамал, жал дур руччабазул рукъалда аскIорги рачIун; гьел гIадамазул гIемерисел жидер гIакъло дагьал гIадамал руго.**

Гьезда дур къадро-къимат лъалеб гьечIо ва дур адаб гьабизе кколеблъиги льалеб гьечIо.

وَلَوْ أَنَّهُمْ صَبَرُوا۟ حَتَّىٰ تَخْرُجَ إِلَيْهِمْ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥﴾

**5. Х1акълъунго гьел гIадамаз мун къватIиве вахъинегIан сабро гьабун бук1арабани гьезие цIакъ лъикIаб букIилаан. ТIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев вуго ва жиндир лагъзадерида гурхIулевги вуго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул адаб тарал, гьесул рахIат хвезе гьабурал гIадамазе вагIза-насихIат гьабун, гьезда берцинаб адаб малъун кIалъалев вуго, гьезие гIакъуба-къварилъи гьабичIого гьездаса тIаса лъугьуневги вуго.

Гьаб кIиябго аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: ГIуяйнат ибну ХIусайн ва Аль-акърагI ибну ХIабис абулев кIиго чи вачIана Бану таймазул лъабкъоялда анцIго чигун цадахъ ва къалъул гIужалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хIухь бахъи гьабулев вугеб мехалъ, гьесул руччабазул рукъзабазда сверун лъугьун: «Я МухIаммад! Мун кив вугев? Нижехъе къватIиве вачIа!»-абун ахIдана. Гьаб адаб тей гьабидалго, ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ адаб гьабиялда муъминзаби кантIизе гьарун гьаб кIиго аят рештIине гьабуна.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِن جَآءَكُمْ فَاسِقٌۢ بِنَبَإٍ فَتَبَيَّنُوٓا۟ أَن تُصِيبُوا۟ قَوْمًۢا بِجَهَٰلَةٍ فَتُصْبِحُوا۟ عَلَىٰ مَا فَعَلْتُمْ نَٰدِمِينَ ﴿٦﴾

**6. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужехъе цо хабарги босун цо пасикъав чи вачIараб мехалъ:** Жиндир иман загIифав, жиндир рагIиялда божизе бегьуларев. **Нужеца гьес бицараб хабар битIараб бугодай абун цIех-рех гьабе. Гьедин цIех-рех гьабичIони нужеда хIакъикъат лъачIого нужеца гIадамазе къварилъи гьабизе бегьула. Цинги нужги пашманлъизе руго нужеца гьабураб иш мекъи ккун батараб мехалъ.**

Гьаб аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Алвалид ибну ГIукъбат абулев чи витIун вукIана АлхIарис ибну Зирар абулев чияс жиндир къавмаладаса бакIарараб

закаталъул боцIи-мал гьесухъан босизе абун. Гьев Алвалид АлхIарисил къавмалъул бакIалде щвезегIан ана ва цинги гьез жиндие зарал гьабила абун хIинкъун гьезул къавмалда тIаде инчIого нахъе вуссун вачIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьес абуна: «Я Расуллагь ﷺ, гьеб АлхIарисил къавм муртадлъун буго (иманалдаса руссун купруялда ун руго) ва гьез закатги кьолеб гьечIо»-абун. Гьеб хабар рагIараб мехалъ жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабазул цо къукъа АлхIарисилазда рагъ гьабизе ине хIадурлъана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна.

Гьаб аяталда жаниб «пасикъав чи вачIараб мехалъ» абиялъе сабаб буго: Исламияб жамагIаталъул асло ва гIуцIи буго цоцаде божулел рукIиналда, жидеца гьереси бицунарел рукIиналдаги. Цо муъмиинчияс хабар бицараб мехалъ цогидал муъминзаби гьеб хабаралда божула ва гьеб хабар битIараб бугодай абун цIех-рех гьабизе къватIире рахъуларо. Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас муъминзаби кантIизе гьарулел руго кинавго чи жиндир хабаралда божизе бегьулев вукIун гутIиялда ва жиндир иман камилав, жив Аллагьасдаса جل جلاله хIинкъулев вукIин лъаларев чияс цо хабар бицараб мехалъ гьеб хабаралда божун гIамал гьабизе бегьун гутIиялда.

**7. Нужеда лъае я гьал иман лъурал гIадамал, х1акълъунго нужеда гьоркьов Аллагьасул جل جلاله расул вукIин,** Аллагьасе جل جلاله жив хирияв, Аллагьас جل جلاله жив кIодоги гьавурав, жив гьава-напсалда, щайтIаналда нахъ вилълъунарев.

وَٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ فِيكُمۡ رَسُولَ ٱللَّهِۚ لَوۡ يُطِيعُكُمۡ فِي كَثِيرٖ
مِّنَ ٱلۡأَمۡرِ لَعَنِتُّمۡ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ حَبَّبَ إِلَيۡكُمُ
ٱلۡإِيمَٰنَ وَزَيَّنَهُۥ فِي قُلُوبِكُمۡ وَكَرَّهَ إِلَيۡكُمُ
ٱلۡكُفۡرَ وَٱلۡفُسُوقَ وَٱلۡعِصۡيَانَۚ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ
ٱلرَّٰشِدُونَ ٧

Аллагьас جل جلاله вахIю гьабураб дин жинца нужехъе щвезе гьабулев ва жиндирго рахъалъан ургъун жо бицуларев. **Гьев расул ﷺ нужее бокьараб жоялда мутIигIлъулев вукIаравани ва нужеца бицараб жоялда рекъон гьес хIукмуги гьабулеб букIарабани нуж нужее цIакъ санагIат гьечIел, нуж гьалаглъулел ишазулъ ккелаан.** Нужеца гьев аварагасул ﷺ хIурмат гьабе ва гьесда гIинтIаме! Гьесда лъала нужее маслахIат бугеб жо ва гьев вуго нужерго нафсаздасаги жив нужеда гурхIулев.

**Кинниги ТIадегIанав Аллагьас нужее иман бокьизе гьабун буго, гьеб иман нужер ракIазе берцин бихьизе гьабунги буго. Аллагьас جل جلاله нужее рихизе гьабун буго куфруги, пасикълъиги, гIассилъиги.** Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьас нужеда гьабураб кIудияб цIоб рахIмат, жинца нужее чIобого кьураб хиралъи. Гьаб нигIматалда даимго щукру

гьабизе тӀадаб буго. **Гьал берцинал сифатал Аллагьас ﷻ жидее кьурал муъминзаби руго жал хӀакъаб диналда ва битӀараб нухалда ругел.**

**8. Гьаб нужее кьураб иман-ислам Аллагьасул ﷻ рахьалъан нужее бугеб хиралъи буго ва нигӀматги буго. Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жоялъул хӀакъикъат лъалев ва жиндир хӀукму-къадаралъулъ гӀадилав, жинда жаниб хӀикмат гьечӀеб х1укму жинца гьабуларев.**

فَضۡلٗا مِّنَ ٱللَّهِ وَنِعۡمَةٗۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٞ ۝٨

**9. Муъминзабазул кӀиго къукъа цоцаде рагъулел ругони нужеца гьезда гьоркьоб маслахӀат гьабе ва гьел рагъизе риччаге! Цо къукъа маслахӀат босичӀого цогидаб къукъаялда данде зулму гьабизе лъугьани нужеца гьеб жинца зулму гьабулеб къукъаялда данде рагъ гьабе гьеб Аллагьасул ﷻ хӀукмуялда буссинегӀан ва гьеб къукъаялъ гӀассилъиги зулмуги тезегӀан. Гьеб къукъа Аллагьасул ﷻ хӀукмуялда буссун хадуб нужеца гьеб кӀиябго къукъаялда гьоркьоб маслахӀат ва рекъел гьабе. Гьеб маслахӀатги ритӀухъаб гьабе, цояб къукъаялъе зарал бугеб гьабуге. Нужеца киналго ишазулъ шаргӀияб гӀадло цӀуне. ХӀакълъунго Аллагьасе рокьула жал ритӀухъал, жидеца шаргӀияб гӀадло цӀунулел гӀадамал.**

وَإِن طَآئِفَتَانِ مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٱقۡتَتَلُواْ
فَأَصۡلِحُواْ بَيۡنَهُمَاۖ فَإِنۢ بَغَتۡ إِحۡدَىٰهُمَا عَلَى
ٱلۡأُخۡرَىٰ فَقَٰتِلُواْ ٱلَّتِي تَبۡغِي حَتَّىٰ تَفِيٓءَ إِلَىٰٓ أَمۡرِ ٱللَّهِۚ
فَإِن فَآءَتۡ فَأَصۡلِحُواْ بَيۡنَهُمَا بِٱلۡعَدۡلِ
وَأَقۡسِطُوٓاْۖ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلۡمُقۡسِطِينَ ۝٩

Гьаб аят рештӀизе гьабиялъе сабаб бицун «Асбабу Ннузул»-абураб тӀехьалда жаниб анкьго батӀияб сабаб рехсон буго ва щибалъе хӀадисги бицун буго. Гьеб киналъулго хӀасил буго бусурбабазул кӀиго чи, яги гӀемерал гӀадамал цо-цаде къецандизе ва рагъдезе лъугьараб мехалъ гьел ахӀизе ккола Аллагьасул ﷻ шаргӀалда. Гьезда гьоркьоб гьабулеб хӀукмуги шаргӀалда рекъон ва ритӀухъаб хӀалалъ гьабизе ккола. ШаргӀалда рачӀиларо жал абун цояб къукъа чӀараб мехалъ гьезда рагъги гьабун гьел шаргӀалда рачизе ккола.

Гьаб исламияб улкаги, Илагьияб хӀукмуги гьечӀеб заманаялъ капурзабазул зулмуялда гъокь ругел бусурбабазда кӀоларо жив Аллагьасул ﷻ шаргӀалда вачӀиларо абун чӀарав чи гьесда рагъги гьабун гьев шаргӀалда вачине. Гьесда берцинаб вагӀза-насихӀат гьабун бусурбаби хӀукму гьабизе Аллагьасул ﷻ шаргӀалда рачӀизе кколеблъи бицина. Бусурбаби жидеда гьоркьоб бугеб дагӀбаялъе хӀукму гьабизе капурзабазул къануналде унеб заман буго гьел бусурбаби хӀакъикъиял

гьечIеблъи, гьезул иман-ислам цохIо мацIалда, яги гьезда лъураб исламияб цIаралда бан хутIун букIин баянлъараб заман.

Гьаб цебехун бицараб хIукму жегиги мухIкан гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا۟ بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٠﴾

**10. Х1акълъунго киналго муъминзаби цоцазе вацал руго. Гьедин бугелъул нужеца нужер кIиго вацасда гьоркьоб рекъел гьабе. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа. Гьесул гIазабалдаса хIинкъун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIассилъуге.**

**Гьедин нуж хьвадани нужеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурхIизе вуго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисал гIемерал руго гьаб масъалаялде жал хурхарал.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Бухарияс рицарал хIадисал руго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бусурман чи бусуранчиясул вац вуго жинца гьесие зулму гьабуларо ва цогидас гьесие зулму гьабизеги биччаларо»*-абун.

Цоги хIадис буго: *«Т1адегIанав Аллагь жиндир лагъасе квер бакъулевлъун вукIуна гьев лагъ жиндир вацасе квер бакъулевлъун вугебгIан мехалъ»*-абун.

Цоги хIадис буго: *«Муъминчияс жиндир вацасе ракI-ракIалъго дугIа гьабураб мехалъ малаикас абула: «амин» Дуеги гьебго жо буго»-абун. Гьаб дугIа лъик1абги, квешабги букIине бегьула, гьедин бугелъул дуца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерие къварилъи гьабун, гьез дуе квешаб дугIа гьабиялдаса хIнкъа!»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо къоялъ минбаралдаги вахун хутIба гьабуна, гьевгун цадахъ ГIали асхIабил вас ХIасанги вукIана, жидеда Аллагь разилъаял. Авараг* ﷺ *цин гьев ХIасанида валагьун, цинги гIадамаздехун валагьун кIалъалев вукIана ва аварагас* ﷺ *абуна: «Гьав дир вас сайид вуго (жиндир къадро кIудияв, жив кIодогьавизе мустахIикъав вуго). ТIадегIанав Аллагьасда хьул буго гьав вас сабаблъун кIиго кIудияб исламияб къукъаялда гьоркьоб рекъел гьабила»*-абун. Гьаб амро Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абухъин ккана. ГIиракъалъул агьло ГIали асхIабасе, хадуб гьесул вас ХIасание халифалъиги кьун гьезда нахърилълъун рукIана. Шамалъул агьло МугIавиятие халифалъиги кьун гьесда нахърилъулъ рукIана.

Гьаб кIиго к1удияб исламияб къукъаялда гьоркьоб рагъ ккун гIемераб би гIодобе тIолебги букIана. Жинда Аллагь разилъаяв ХIасаница

(аварагасул ﷺ яс ФатIиматил ва ГIали асхIабасул вас) жив халифалъун вукIине мустахIикъаб бугониги, жинца гьеб халифалъун вук1ин тана МугIавиятие, живги гIодов чIана, жинда хадур рукIарал бусурбабиги гIодор чIезе гьаруна. Гьаб маслахIаталдалъун гьеб кIиго кIудияб къукъаялда гьоркьоб букIараб рагъ тIагIине гьабуна. Аллагьас ﷻ гьеб аварагасул ﷺ агьлуялъул баракат нилъееги щвезабеги.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалдаги буго: «*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуца дур вацасе квербакъи гьабе гьесие зулму гьабулеб мехалъ ва гьес цогидазе зулму гьабулеб мехалъги»-абун. Дица абуна: Я расулаллагьи ! Жиндие зулму гьабулеб мехалъ квербакъи гьаби кин бук1унеб дида лъала. Жинца зулму гьабулеб мехалъ кин гьабулеб квер бакъи?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дуца гьев нахъе чIвае жинца зулму гьабиялдаса. Гьеб буго дуца гьесие гьабулеб квербакъи»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьаб кIиго аяталда жаниб бицараб жоялдаса гIалимзабаца хIукму босана бусурбабазул кIиго къукъа цо-цаде багъулеб бугониги гьел капураллъун рукIунаро, гьел чIвазе нухги букIуларо капурчи хIисабалда. Жинда тIаде кIанцIарав бусурманчи жиндир агьло боц1и нафс цIунун чIвазе ихтияр букIуна, гьедингурого жал ч1езаризе к1олареб х1ал бугони, амма чIвазе тIадаб букIунаро. Цо къукъа шаргIияв имамгун цадахъ бугони, цогидаб къукъа гьесда данде бахъун бугони гьел жал данде рахъаразда рагъ гьабизе бегьула шаргIияв имамгун цадахъ лъугьун. Жал данде рахъаразда капурзаби абуларо гьел капурзаби гьечIебгIан мехалъ. Гьезда цIар буго «Бугъатал»-абун. Гьелъул магIна буго жал мутIигIлъичIел, квешал абураб. Гьал бугъатал капурзаби рукIула абулеб къукъа буго «Хаварижал» ва «МугIтазилатал» жидеда абулел, агьлу сунаталдаса жал къватIире рахъарал къукъаби.

Гьаб масъалаги жакъа бичIчIизе кколеб масъала буго. Гьаб бугелъул бусурбабада гьоркьоб питна гIемерлъараб заман. Жиндирго нафсалъул, щайтIаналъул мурад гьабун цо бусурманчи цогидав бусурманчияс капур гьавулеб, гьев чIвазе изноги кьолеб. Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги нилъер нафсалъе бокьараб жо битIараблъун бихьун Аллагьасул ﷻ шаргI хвезе гьабулеллъун рукIиналдаса.

**11. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер цо къавмалъ цогидаб къавм махсароде гьабуге! цо чиясе цогидав чи жиндаса гIодовегIанлъун вихьуге! Дол**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا يَسْخَرْ قَوْمٌ مِّن قَوْمٍ
عَسَىٰٓ أَن يَكُونُوا۟ خَيْرًا مِّنْهُمْ وَلَا نِسَآءٌ مِّن نِّسَآءٍ
عَسَىٰٓ أَن يَكُنَّ خَيْرًا مِّنْهُنَّ وَلَا تَلْمِزُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ

وَلَا تَنَابَزُوا بِالْأَلْقَابِ بِئْسَ الِاسْمُ الْفُسُوقُ بَعْدَ الْإِيمَانِ وَمَن لَّمْ يَتُبْ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿١١﴾

**жал гIодогIанлъун рихьарал гIадамал Аллагьасда ﷻ аскIор гьаздаса лъикIал рукIинеги бегьула!. Цо муъминал руччабаца цогидал муъминал руччабиги жидедаса гIодогIаналлъун гьаруге!**

**Аллагьасда ﷻ аскIор дол гIодорегIан гьарурал руччаби рукIине бегьула гьездаса гIемерго лъикIал. Нужеца нужерго нафсазда гIайибалги чIваге!** ай бусурбабаца цо-цаде г1айиб ч1ваге Бусурбабаца цоцалазда гIайиб чIвазе, гьезул гIайибалги цIехезе бегьуларо. **Нужеца цоцалазде гьесие бокьулареб цIаралдалъунги ахIуге!** ТIокI цIарал лъун, гьел цIараздалъун гIадамазда ахIуге. КIиго, я гIемерал цIарал цогоял гIадамазда ругеб мехалъ гьел цоцадаса батIа рахъиналъе гIоло лъолеб тIокIцIарги гьев чияс рихулареб, гьесие щибго нукъсанлъи бачIунареб букIине ккола.

**Цо инсан муъминчилъун вукIун, цинги гьес жинда «пасикъчи» абизе рес лъугьунеб гIамал гьаби цIакъ квешаб жо буго.** Диналъул вацазе рихулеб жо гьаби, гьезие рихулеб рагIи бициги пасикъав чиясул пиша буго.

Гьаб рагIиялъе цоги магIна гьабуна: «Цо чияс иман лъун хадуб гьесда мун пасикъав чи вуго, гIасияв чи вуго аби квешаб ва кIудияб мунагь буго»-абун. Гьаб магIна гьабурав гIалимас абуна: Цо чияс тавбоги гьабун гьев иман-исламалда вачIун хадуб гьесда жиндир цересел мунагьал рицун мун гIассияв пасикъав чи вукIана аби, кIудияб мунагь буго абун.

**Гьадинал гIамалал жидеца гьарурал гIадамал гьеб гIамал гьабиялдаса руссун, тавбо гьабун хьвадичIони гьел гIадамал руго жидеца жидерго нафсазе зулму гьабулел гIадамал** Жидер нафс жужахIалда кколеб гIамал гьабиялдалъун.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظَّنِّ إِنَّ بَعْضَ الظَّنِّ إِثْمٌ وَلَا تَجَسَّسُوا وَلَا يَغْتَب بَّعْضُكُم بَعْضًا أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَن يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢﴾

**12. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж рикIкIалъе нужер ракIалда кколел, жидер хIакъикъатги лъаларел пикрабазда нахърилълъиялдаса,** гьезда рекъон хIукму гьабиялдаса, гьеб пикруялда рекъон муъминзабазда гIайиб чIваялдасаги.

**ХIакълъунго цо-цо пикраби жал щайтIаниял, жиндалъун инсан мунагьалъулъ кколел рукIуна. Нужеца гIадамазул гIайибал цIехоге, гьезул хабаралда балъго**

**гIенеккуге! Нужер цояз цогидазда нахъаса гъибатги гьабуге.** Гьев чи цеве гьечIеб мехалъ гьесие бокьулареб жо бицун, гьесул нафс ва къадро гIодогIанлъулеб жо бицун кIалъаге. Гьеб цIакъ кIудияб мунагь буго. **Нужер цонигиясе бокьулищха жиндир данилъул вац хвараб мехалъ гьесул гьан кваназе? Гьеб нужее цIакъ бокьизе гьечIо.** Гьеб цIакъ ракI къалеб, къабихIаб гIамал буго.

Гьадинабго къабихIаб гIамал буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргIалда гъибат гьабиги. Инсанасул гьан кванай къабихIаб жо буго, гьеб гьабиялда цониги нафс разилъулареб. Гьев инсан жиндир вац вугони, гьесул гьан кванай цIакъго къабихIаб букIиларищха? Гьев вац хун хадуб гьесул гьан кванай кигIан къабихIаб ишха букIинеб? Гьадинаб баянаб мисал бачун ТIадегIанав Аллагьас нилъеда лъазе гьабулеб буго гъибат гьаби цIакъ кIудияб мунагь букIин. Ва амма гьеб гъибат гьабигIадаб инсан жиндаса хIинкъулареб цоги мунагьги гьечIо! **Нуж Алагьасдаса хIинкъа!** Гьесул гIазабалдаса хIинкъун Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIассилъи гьабуге. **ХIакълъунго гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца цIакъ гIемер тавбо къабул гьабулев ва жиндир муъминал лагъзадерида жиндир гурхIел-рахIмо гIемерав.**

Гьал аятазда жаниб ТIадегIанав Аллагьас цIакъ берцинго баян гьарун руго муъминзабаца тезе кколел квешал тIабигIатал. Гьезие нилъеца баян кьечIониги гIолеб хIалги буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Цо чи цогидазул хабаралда гIенеккараб мехалъ, гьел гIадамазе гьев гIенеккизе бокьунги гьечIого, Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *ахираталда гьев чиясул гIундузда жаниб биараб тIохьи тIола»*-абун.

Цогиги аварагас صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ абуна: *«Нуж цIуне рекIел пикрабаздаса. Гьел пикраби руго бищунго гьересиял харбал»*-абун. К1иябго х1адис имам Бухарияс бицана.

Гьаб хIадисалъулги, аяталъулги мурад буго диналъул вацасул хIакъалъулъ квешаб пикру гьабуге абураб. ЛъикIаб пикру гьаби какараб гьечIо. ЦIакъго какараб жо буго хIакимас жиндир пикруялда рекъон, жиндие хIужа-далил гьечIого хIукму гьаби. Гьадин хIукму гьабурав чи жужахIалда ккеялда хIинкъи буго.

**13. Я гьал гIадамал! Х1акълъунго Дица нуж рижун руго бихьинабги цIуябги жо данделъун.** нуж киналго цохIо Адамил ва ХIавал лъимал руго. Нужер умумулги гьединго цохIо тухум буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنَّا خَلَقۡنَٰكُم مِّن ذَكَرٖ وَأُنثَىٰ وَجَعَلۡنَٰكُمۡ شُعُوبٗا وَقَبَآئِلَ لِتَعَارَفُوٓاْۚ إِنَّ أَكۡرَمَكُمۡ عِندَ ٱللَّهِ أَتۡقَىٰكُمۡۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٞ ١٣

Нужее цоял цогидаздаса чIухIизе щибго гIилла гьечIо. **Дица нуж**

**батIи-батIияб кьибил ва тухум гьабун рижана нуж цоцалазе лъазе, нужеца цо-цазе квербакъиги гьабизе.** Пуланав чи пуланаб наслоялъул чи вуго абун лъазе. Нуж дица рижичIо нужеца тухум-кьибилалдалъун цоцаде тушманлъи гьабизе. **Х1акълъунго Нуж цоял цогидаздаса хира гьарулеб ва тIокI гьарулеб жо буго Аллагьасда** ﷻ **иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун, гьесие мутIигIлъун хьвади. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жоялъул загьирги батIинги лъалев.** Жиндир лагъзадерил иман лъейги, куфру-ширкги лъала, ва гьел лагъзадерие мустахIикъаб жоги лъала Аллагьасда ﷻ. Гьадин бугелъул нужеца нужерго нафсал кIодо гьаруге, нужги насаб-тухумалдалъун чIухIдаруге.

Байзави абулев гIалимас абуна: Насаб тухум цо-цо бакIалда жиб хал гьабулеб амро бугониги (ригьин гьабулеб бакIалда хал гьабула гьеб), гьеб иман-исламалда данде ккун цIакъго нахъегIан букIуна ва бакъ баккараб мехалъ цIваби тIерхьун унел гIадин иман исламалда борцараб мехалъ цогидал рецц бакъ гьабулел жал цереса тIагIун уна.

Иман ислам бугел гIадамазда гьоркьобги жиндие Къуръан хIадис ва шаргIияб гIелму лъалев чиясул даража къасси зодире рихьунел цIвабиги, цIураб сардилъ моцIги хIисабалда буго: Ц1вабзазул кенчIей моцIалъ ссвине гьабичIониги моцIрол нур ва гвангъи цIакъго цIикIараб букIуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Бищунго лъикIав, хирияв чилъун вукIине бокьарав чи Аллагьасдаса* ﷻ *хIинкъа абе!»-абун.*

Цоги хирияв аварагас ﷺ абуна*: «Киналго гIадамал кIиго тайпаялда руго: Цо чи вуго жинца лъиклъи гьабулев, жив Аллагьасдасаги* ﷻ *хIинкъарав. Гьав чи ТIадегIанав Аллагьасе хириявги вуго. Цоги чи вуго жив къосарав, жинца къабихIал гIамалал гьарулев. Гьав чи Аллагьасе* ﷻ *цIакъ гIодогIанав вуго»* – абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубарзат ал-Асламияс бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: Я гьал жидер мацIалдалъун иман лъурал, жидер ракIазулъ иман лъугьичIел гIадамал! Нужеца бусурбабазда гъибат гьабуге! Нужеца гьезул гIайбал ва мунагьал цIехоге! Гьел бусурбабазул гIайбал жинца цIехарав чиясул гIайбал Аллагьас* ﷻ *цIехола. Аллагьас* ﷻ *жиндир гIайбал цIехарав чи жиндир рукъовго вукIадго Аллагьас гIадамазда цеве къватIив чIвазе гьавула»* – абун. Х1адис имам абуДавудица бицана.

Исламияб дин буго киналго гIадамал ращад гьарулеблъун жиб бачIараб. Щиб милат бугониги, кинаб кьер бугониги, щал умумул ругониги

«Лаилагьа Илла Ллагьу МухIаммадун ﷺ русулуллагь»-абураб рагIи абураб мехалъ гьел киналго гIадамал цоцаде бащадаллъун лъугьуна. ТIадегIанаб къадроялъул чи вугониги, жив тIом чIегIерав лагъ вугониги гьав кIиявго чиясул хIукму исламияб диналда жаниб бащадаб буго. Гьабго мисал буго капурзабазулги. Цо капурчи цоги капурчиясдаса ватIа гьавуларо гьесул насаб тухум хал гьабун. Исламияб диналда рекъон инсан кIиго тайпаялда вуго: Муъминчи ва капурчи. Гьаб гуреб цогидаб хал гьаби буго шаргIалда рекъон кколареб.

Нилъер халкъалда гьоркьоб буго цакъ шаргIалда хилапаб «лагъзал»-абун цо гIадамазда абулеб гIадат. Гьаб буго муъминчи жиндир кIалдисан къватIибе гьеб рагIи бачIиналдаса хIинкъизе кколеб бакI. Гьеб буго жагьилаб гIамал. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасул хилафаталда чуял рекеризе гьарулеб къец гьабулеб букIадго цо тIом чIегIерав къибт1иясул чу бергьун буго ГIамру ибну ГIасс асхIабасул васасул чуялдаса. Цинги гьев ГIамрол васас дов къибт1иясда кьабун буго «Мунищ вугев дир чуялдаса цебе чу бекеризе гьабулев чи?»-абун. Гьав ГIамрол вас жиндир тухум кьибилалдаса чIухIун кIалъан вуго ва гьесда ракIалда ккун буго дов тIом чIегIерав къибт1ияв жиндаса къадро дагьав вуго абун.

Цинги жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абун буго: «Гьал гIадамал жидер улбуз хIуриялллъун (узденаллъун) гьарун руго! Нужеца кидал гьел лагъзаллъун гьарурал?» – абун. Гьеб рагIиялъул магIна буго нуж чIухIуге нужер тухум-кьибилалдалъун, нужеца гIадамал гIодоргIанги гьаруге. Гьел киналго гIадамал жидер рижиялда (гьариялда) жанир хIуриял руго, цо Аллагьасул ﷻ лагъзалги руго, цо Адамил лъималги руго абураб.

*قَالَتِ ٱلْأَعْرَابُ ءَامَنَّا قُل لَّمْ تُؤْمِنُوا۟ وَلَٰكِن قُولُوٓا۟ أَسْلَمْنَا وَلَمَّا يَدْخُلِ ٱلْإِيمَٰنُ فِى قُلُوبِكُمْ وَإِن تُطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ لَا يَلِتْكُم مِّنْ أَعْمَٰلِكُمْ شَيْـًٔا إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٤﴾*

**14. Цо аг1рабиязул къукъаялъ абулеб буго нижеца иман лъуна абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ : «Нужеца иман лъун гьечIо. Нужеца абе ниж мутIигIлъана абун.**(ай исламалда рач1ана абун) **Жеги нужер ракIазда жаниб иман лъугьун гьечIо ва гьелъул хIакъикъат нужеда бичIчIунги гьечIо. Нуж унгого Аллагьасеги ﷻ, гьесул расуласеги мутIигIлъани ва нужеца камилаб хIалалъ иманги лъуни Аллагьас ﷻ нужее нужер гIамалазул ажро-кири гьабизе буго ва щибго жо гьеб ажроялдаса нукъсанги гьабизе гьечIо.**

**ХIакълъунго Т1адег1анв Аллагь вуго жинда нужер хIал лъалев ва**

**нужеда жив гурхIулев**»-абун.

Гьаб аят рештIизе гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рачIун бану Асадилал абулеб гIарабиязул къукъаялъ жалго реццун хабар бицидалго. Гьеб сон букIана бакъ бан, хур бижичIого, ракъи бугеб сон. Гьел аг1рабиязе бокьун букIана «нижги муъинзаби руго»-абун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие садакъадул боцIиялдаса бутIа кьезе. Гьезул рекIел ният загьир гьабун ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIал баян гьабуна ва гьел хIакъикъияб иман лъеялда ахIана. Жидер иман камилал, иманалъулъ ритIухъал муъминзаби рехсон ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

إِنَّمَا ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ثُمَّ لَمۡ يَرۡتَابُواْ وَجَٰهَدُواْ بِأَمۡوَٰلِهِمۡ وَأَنفُسِهِمۡ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِۚ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلصَّٰدِقُونَ ١٥

**15. ХIакъикъиял муъминзаби руго жидеца Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ**, гьесул расуласдаги иман лъурал гIадамал: цинги жидер рекIелъ щибго щаклъиги хутIичIел жидер иман лъей битIараб букIинада. Жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **диналъе гIоло жидерго боцIи-малалдалъун ва чурхдуздалъун гъазаватги гьабулел.**

Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун жидер рухI бичулел, жидер магIишатги кьолел. Гьеб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи гуреб жо жидеца тIалабги гьабуларел. **Гьал гIадамал руго жидер иманалъулъ ритIухъал муъминзаби.**

ХIакъикъияб иманалъе ТIадегIанав Аллагьас лъабго сифат шартI гьабун буго: РакI парахатлъун, якъинго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва гьесул расулалда божи, гьез бицараб хIукму къабул гьаби. Гьаб х1алалъ иман лъун хадув жив щакдаруларев вукIин.

Гьаб сифат цIакъ камилаб букIана жинда Аллагь разилъияв Абубакр асхIабасулъ. Гьедин букIиналъ гьесда цIарги букIана Абубакр-Ссидикъ абун: (Жинца цIакъ ритIухъ гьабулев).

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг МигIражалда араб сордоялъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакр Маккаялдаса къватIивехун вукIана. Радал аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ жиндир МигIражалъул хабар бицараб мехалъ цо-цо иман загIипал гIадамал щакдарана. Абубакр асхIабасде данде чIварав чияс гьесда абидалго: «Гьав дур гьудулас гIажаибаб жо бицулеб буго! Жив Акъсаялдаги щун т1ад вусанин цо сордоялда жанив!»-абун. Абубакрица абуна: «Валлагьи гьеб рагIи МухIаммадица صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абун батани дица гьеб хабар ритIухъ гьабула»-абун.

Лъабабилеб сифат буго: «Жидер боцIи-малалдалъун ва нафсаздалъун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабулел»-абун. Гьаб сифат гьаб заманаялъ жиб батизе захIматаб сифат буго. Жигьадалъул цIар

бахъараб мехалъ гІадамазул хІалги хисулеб буго. Амма ТІадегІанав Аллагьасул калам хисизабизе лъилго хІал кІоларо, гьелъул батІияб магІна гьабизеги бегьуларо. Аллагьас ﷻ бахьи бугеллъун гьарурал муъминзабазе камилаб иман кьолеб буго. Гьезул хьул лъолеб жоги Аллагь ﷻ разилъи букІунеб буго. Гьеб Аллагь ﷻ разилъи щвезе бокьарав чияс Аллагь ﷻ разилъулеб гІамалги гьабуелб буго.
Аллагьас ﷻ тавфикъ кьеги жив разилъулеб гІамал гьабизе.

قُلْ أَتُعَلِّمُونَ ٱللَّهَ بِدِينِكُمْ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ١٦

**16. Дуца Абе МухІаммад ﷺ : «Нужеца Аллагьасда ﷻ лъазе гьабулебищ бугеб нуж щиб диналда ругеб?»-абун. Гьев Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго жо. Гьев Аллагь ﷻ вуго жинда кинабго жо лъалев.**

Гьаб ргІи такрар гьабиялдаса мурад буго зобалазда бугеб кІудиябги, ракьалда тІад бугеб гьитІинабги, инсанасул рекІелъ бугеб хивалги ццебехун букІарабги, хадуб букІинесебги кинабго жо лъалев вуго Аллагь ﷻ, гьесда щибго жо балъго хутІуларо абун мухІкан гьабун, гьел жидер иман загІифал гІадамазда Аллагьасул ﷻ лъай ракьарагІалда щвараб букІин бичІчІизе гьаби.

يَمُنُّونَ عَلَيْكَ أَنْ أَسْلَمُوا۟ ۖ قُل لَّا تَمُنُّوا۟ عَلَىَّ إِسْلَٰمَكُم ۖ بَلِ ٱللَّهُ يَمُنُّ عَلَيْكُمْ أَنْ هَدَىٰكُمْ لِلْإِيمَٰنِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ١٧

**17. Цо агІрабияз жидеца исламияб дин боси дуда бицулеб буго МухІаммад ﷺ, гьеб дуе гьабураб лъикІлъи бугеб гІадин. Дуца гьезда абе: «Нужеца дида бицуге нужеца исламияб дин боси ва гьеб дие гьабураб хъулухълъун рикІкІуге. Гьелъул лъикІлъи нужеего букІине буго.**
**ТІадегІанав Аллагь вуго жинца нуж иманалда тІоритІарав ва нужеда кІудияб цІоб рахІмоги гьабурав. Нужеца иман лъуна абураб ргІиялъулъ нуж ритІухъал ратани нужеда гьаб хІакъикъат лъае»-абун.**

إِنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ غَيْبَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ١٨

**18. Х1акълъунго ТІадегІанав Аллагьасда лъала зобалаздаги ракьалдаги бугеб балъгояб жо. Гьев Аллагь ﷻ жинда бихьулев вуго нужеца гьабулеб кинабго гІамал.**

Гьадинав БетІергьан Аллагьасе мутІигІлъун гьев разилъи тІалаб гьабун хьвади буго гІакъилал муъминзабазул гІамал. Гьав БетІергьан

Аллагьасул гIазабалдаса рорчIила абун хьвади, яги гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вукIиналдаго инкар кквей буго инсан бахьи къосарав вукIиналъе гIаламат. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цIунаги гьеб сифат нилъее букIиналдаса. Амин.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул Х1ужураталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 50. Сурату Къа́ф

سُورَةُ قٓ

*Гьаб сураталда жаниб исламияб гӀакъидаялъул аслабилъун ругел Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аврагзаби ритӀухъ гьари, ахират букӀин ва хӀисаб-мизанги, жазаъги букӀин бицунеб буго.*

*Сураталъулъ аслияб бакӀ ккун буго хун хадур тӀад рахъине гьариялъул ва гьеб заманаялъ инсанасул букӀунеб хӀал бициналъ. Сураталъул бай бихьи буго мушрикаца жинда инкар кколеб букӀараб ва жидеца гӀажаиблъи гьабулеб букӀараб хун хадур тӀаде рахъине гьаризе рукӀин бицун гьезухъе жинца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гӀазабалдалъун хӀинкъи кьолев расул вачӀиналъул бицунеб.*

*Хадуб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хӀал кӀолъиялда тӀоритӀел гьабулел кӀудиял гӀаламатал рицун руго: Зобал-ракьазда, хур-хералда, гӀорал-лъаразда ралагьун, гьезул пикру гьабун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукӀиналда, гьесул хӀалкӀолъи гучаб букӀиналда, гьеб хӀалкӀолъи гучав Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хун хадур тӀаде рахъине гьаризе кӀолеблъиялда далил бачиялда ва гьелда иман лъеялда ахӀулел руго.*

*Цересел умматаз Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар кквеялъул, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва ахират гьереси гьабиялъул бицун, гьезда щвараб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гӀазабалъул бицун Маккаялъул мушриказе хӀинкъи кьолеб буго.*

*Хвалил кьогӀлъиялъул ва мехтелалъул бицун, тӀаде рахъине гьариялъул хӀинкъи бицун, хӀисабмизаналъул захӀмалъи бицун, капурзабазул гьеб къоялъ букӀунеб хӀал бицун инсанасе вагӀза гьабулеб буго жив Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гӀибадат гьабиялда вачӀине ва къиямасеб къоялъул хӀинкъиялдасаги, гӀазабалдасаги жив хвасарлъизе.*

*Сураталъул ахиралдаги хварал тӀаде рахъизаризе Исрафил малаикас ссуралъуб пуялъул бицунеб буго. Гьеб ссуралъуб пураб мехалъ кинабго халкъ жидерго хобаздаса къватӀире рахъула ракьалда тӀаде тӀибитӀараб гарцӀазул хӀисабалда: гӀемерлъун, цо-цаде хур-хун. «Гьаб хирияб Къуръаналдалъун дуца умматалъе вагӀза гьабе ва гьел Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда ахӀе, гьеб вагӀза босине буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гӀазабалдаса хӀинкъулев чияс»-абун абулеб буго хирияв аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قٓۚ وَٱلۡقُرۡءَانِ ٱلۡمَجِيدِ ١

1. **Къаф. Жиндир къадро кIудияб, жиб хирияб Къуръаналдалъун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

Жиндие хирияв МухIаммад ﷺ хIакъав расул вукIиналда ва хун хадур г1адамал тIаде рахъине гьариги хIакъаб жо букIиналда.

بَلۡ عَجِبُوٓاْ أَن جَآءَهُم مُّنذِرٞ مِّنۡهُمۡ فَقَالَ ٱلۡكَٰفِرُونَ هَٰذَا شَيۡءٌ عَجِيبٌ ٢

2. **Амма Маккаялъул агьлуялъ жидехъе вачIарав авараг ﷺ ритIухъ гьавичIо ва гьез гIажаибаб жолъун рикIкIана жидедаго гьоркьоса жидее Аллагьасул ﷻ гIазабалдалъун хIинкъи кьолев расул вачIин. Гьел капурзаца абуна; «Гьаб цIакъ гIажаибаб жо буго»-абун.** Гьел гIажаиблъизе щибго гIиллаги букIинчIо. Гьезухъе расуллъун витIарав МухIаммадги ﷺ гьел киналго жиндир ритIухълъиялда ва аманат бугев вукIиналда мукIурав вукIана. Гьез гIажаиблъи гьаби ва инкар кквей букIана ахIмакъаб чIухIи сабаблъун ва жидерго жагьилаб гIамалкIодолъи загьир гьабун.

أَءِذَا مِتۡنَا وَكُنَّا تُرَابٗاۖ ذَٰلِكَ رَجۡعُۢ بَعِيدٞ ٣

3. Гьел капурзабаца хун хадур тIаде рахъине гьариялда инкар ккун абуна: **«Ниж хвезеги хун ракьлъун лъугьун хадурги чIагойищ гьарулел? Гьеб тIаде рахъине гьари буго жиб букIине дандего кколареб, батIулаб жо»-абун.**

قَدۡ عَلِمۡنَا مَا تَنقُصُ ٱلۡأَرۡضُ مِنۡهُمۡۖ وَعِندَنَا كِتَٰبٌ حَفِيظُۢ ٤

4. **Х1акълъунго Дида лъала гьел гIадамал хун хадур ракьалъ кванан гьезул гьанги, биги, дагьлъулеблъи ва тIагIунеблъи. Дида щибго жо бальго хутIуларо.**

**Жегиги дида аскIоб буго кинабго махлукъалъул хъвай-хъвагIай жинда тIад бугеб ЛавхIул-махIфузги.** Гьадинаб камилаб лъаялъул БетIергьанасда данде рахъун гьел мушриказ абулеб буго ниж ракьлъун лъугьун хадур тIаде кин рахъизе гьарулел абун.

بَلۡ كَذَّبُواْ بِٱلۡحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمۡ فَهُمۡ فِيٓ أَمۡرٖ مَّرِيجٍ ٥

5. **Гьаб инкар кквеялдаги тIад жиб баянаб, хIакъаб Аллагьасул ﷻ каламги гьереси гьабуна гьел мушрикаца, жидехъе гьеб бач1ун хадуб.**

**Гьеб жидер инкаралъулъ ва Къуръанги, аварагги ﷺ гьереси гьавиялъулъ гьел мушрикал жидер цо ккураб гIакъло-пикру гьечIого руго.** Жидеца гьеб Къуръаналда цин сихIро буго абула, цин гьереси буго абула, цинги шигIро буго абула. Гьебго жо абула аварагасул ﷺ хIакъалъулъги.

**6. Гьел инкар чагIи жидеда тIад ругел зобалаздагIаги кин ралагьуларел. Киндай Дица гьел тIаде рорхун ругел абун ва киндай бакъ-моцIалдалъун, цIвабзаздалъун берцинги гьарун ругел. Ва гьел зобалазда щибго жагъалаб бихъа-къотIараб бакIги гьечIо абун.**

أَفَلَمْ يَنظُرُوٓا۟ إِلَى ٱلسَّمَآءِ فَوْقَهُمْ كَيْفَ بَنَيْنَٰهَا وَزَيَّنَّٰهَا وَمَا لَهَا مِن فُرُوجٍ ٦

**7. Гьаб ракьги Дица цIан битIизе гьабуна жинда тIад гIадамал чIезе, гьез яшав гьабизе санагIатаб хIалалъ. Гьеб ракьалда тIад рорхатал мугIрул гьаруна, гьеб ракь цо хIалалда жидедалъун чIеялъе сабаблъун рук1ине. Ва Дица гьеб ракьлда тIад бижизеги гьабуна кинабниги тайпаялъул берцинаб, жиндаса бер боххулеб ах-хур, хер-тIегь ва цогидабги ч1аголъи.**

وَٱلْأَرْضَ مَدَدْنَٰهَا وَأَلْقَيْنَا فِيهَا رَوَٰسِىَ وَأَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍۭ بَهِيجٍ ٧

**8. Гьаб кинабго жо Дица бижана ва гьабуна жидеца иман лъун, жал Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ руссарал гIадамазе вагIзалъун ва гьезул рекIелъ иманалъул нур цIикIунеблъун.**

تَبْصِرَةً وَذِكْرَىٰ لِكُلِّ عَبْدٍ مُّنِيبٍ ٨

**9. Дица зодиса рештIизе гьабуна жиндилъ баракат бугеб лъим. Гьеб лъималдалъун Дица бижизеги гьабуна кинабго ахги ва жиб бекьун, лъилъун бакIарулеб хурги.**

وَنَزَّلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً مُّبَٰرَكًا فَأَنۢبَتْنَا بِهِۦ جَنَّٰتٍ وَحَبَّ ٱلْحَصِيدِ ٩

**10. Гьединго жал рорхатал чамастакил гъутIбиги рижине гьаруна, жидеда тIад цоцаде хурхараб гIемераб чамастак бугел.**

وَٱلنَّخْلَ بَاسِقَٰتٍ لَّهَا طَلْعٌ نَّضِيدٌ ١٠

**11. Гьаб ах-хур ва чамастакил гъутIбиги Дица рижине гьаруна гIадамазе ризкъилъун. Гьеб ах-хур бижине гьабун Дица жиб хун букIараб ракьги чIаго гьабуна.**

رِّزْقًا لِّلْعِبَادِ ۖ وَأَحْيَيْنَا بِهِۦ بَلْدَةً مَّيْتًا ۚ كَذَٰلِكَ ٱلْخُرُوجُ ١١

**Гьаб хвараб ракь чIаго гьабиялда релъун буго хварал гIадамал чIаго гьарун тIаде рахъине гьариги.** Гьеб ТIадегIанав Аллагьасе щибго захIмалъи бугеб иш гьечIо.

كَذَّبَتۡ قَبۡلَهُمۡ قَوۡمُ نُوحٖ وَأَصۡحَٰبُ ٱلرَّسِّ وَثَمُودُ ١٢

**12. Гьал Маккаялъул Къурайшияздаса цереккун НухIил къавмалъги, Самудиязги, гьезул нахъе хутIарал «асхIабу ррасси»-абулеб къукъаялъги гьерси гьаруна жидехъе ритIарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ.**

«АсхIабу ррасси» щал ругел абун тафсиралъул гIалимзабазул хилаф буго. Цояз гьеб ШугIайбил къавм буго абуна цо гъуялда аскIор рукIарал цинги гьенир жанире рортизе гьарун жидее гIазаб гьабурал. Цояз Самудиязул къавм буго абуна. Цогидаз ХIабибу Нажар абулев муъминчи чIван жидеца гъуялъуве реххарал гIадамал руго абуна.

وَعَادٞ وَفِرۡعَوۡنُ وَإِخۡوَٰنُ لُوطٖ ١٣

**13. ГIа́дилазги, пиргIавницаги, ЛутIил къавмалъги гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси.**

وَأَصۡحَٰبُ ٱلۡأَيۡكَةِ وَقَوۡمُ تُبَّعٖۚ كُلّٞ كَذَّبَ ٱلرُّسُلَ فَحَقَّ وَعِيدِ ١٤

**14. Ахал-рохьал гIемерал ШугIайбил къавмалъги, Яманалда вукIарав ТуббагI ханасул къавмалъги;-гьал киназго гьереси гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва гьезие хIакъаблъун лъугьана Дица жал гьалаг гьарила абун гьабураб къотIи.**

Гьал киналго жидее мустахIикъаб гIазаб гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьаруна. Гьединго гьаб Маккаялъул агьло гьалаг гьабизеги кIола Т1адег1анав Аллагьасда гьез иман лъечIони ва расуласе гьабулеб къварилъиги жибго течIони.

أَفَعَيِينَا بِٱلۡخَلۡقِ ٱلۡأَوَّلِۚ بَلۡ هُمۡ فِي لَبۡسٖ مِّنۡ خَلۡقٖ جَدِيدٖ ١٥

**15. Дун гIажиз гьавичIо гурищ щибго жоялъ, щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб халкъ Дица бижулеб мехалъ?**

Гьал г1адамал хун хадур тIаде рахъине гьаризе кIола Дида, щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьал рижизе кIвараб хIалалъ. **Киниги гьал мушрикал жал хIайранлъун руго ва щакдарулелги руго хун хадур жал тIаде рахъине гьарила абураб амрояლъулъ.** Гьезда гьеб амро бичIчIизе бокьун гьечIелъул, гьеб гьезул нафсазе цIакъ рихунги бугелъул, щиб хабар бицунги жидеца гьелда инкар ккун чIолел руго гьал мушрикал. Гьез инкар ккуна абун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир хIукму-къадар тIубазе гьабичIого

телищха?!

وَلَقَدْ خَلَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ وَنَعْلَمُ مَا تُوَسْوِسُ بِهِۦ نَفْسُهُۥ ۖ وَنَحْنُ أَقْرَبُ إِلَيْهِ مِنْ حَبْلِ ٱلْوَرِيدِ ﴿١٦﴾

**16. ХIакълъунго гьав инсан Дица вижана ва Дида лъала гьесул ракIалда букIунеб вас-васги, щакдариги. Дун гьев инсанасда гIагар вуго** Дир гIелмуялъул рахъалъан **гьесул горбода бугеб бидул рихьалдасаги.** ИбнуКасирица абуна: «Дир малаикзаби руго гьесда цIакъ гIагарда ва гьез гьесул кинабго гIамал хъвала абураб магIна буго гьаб рагIиялъул. Гьаб магIна гьадин букIиналда тIоритIел гьабулеб буго гьалда хадуб бугеб аятальги»-абун.

إِذْ يَتَلَقَّى ٱلْمُتَلَقِّيَانِ عَنِ ٱلْيَمِينِ وَعَنِ ٱلشِّمَالِ قَعِيدٌ ﴿١٧﴾

**17. Гьев инсанасда тIад вакил гьавун тарав кIиго малаикас данде босун хъвала гьесул щибаб рагIиги гIамалги. Цояв кваранаб рахъалда гIодов чIун вукIунев цогияв квегIаб рахъалда гIодов чIун вукIунев.**

مَّا يَلْفِظُ مِن قَوْلٍ إِلَّا لَدَيْهِ رَقِيبٌ عَتِيدٌ ﴿١٨﴾

**18. Гьев инсанас цохIо рагIиги абуларо гьеб рагIи хъвазе хIадурун малаик вукIун гурони: жив кивего гьев инсангун цадахъги вукIунев.** ТIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо бихьулев, рагIулев, лъалев вугониги, гьев Алагьас жиндир лагъзадерил гIамал хъвалел малаикзаби тун руго: Къиямасеб къоялъ хIисаб-мизан гьабулеб мехалъ гьев инсан жиндир гIамал тIаде хъвараб кагъат жинда кодобе кьун гьеб гIамал жинца гьабураб букIиналъе мукIур гьавизе. Гьал малаикзабиги цо сордокъоялда жанив ункъго вукIуна. КIиго радал вачIунев ва кIиго къасси вачIунев. Гьезул цояв кваранаб рахъалда гъажалда тIаде чIола ва гьес инсанас гьабураб кинабго лъикIаб гIамал хъвала. Цогиялав квегIаб рахъалда гъажалда тIад чIун гьес инсанас гьабураб кинабго квешаб гIамал хъвала.

Ал-Алуси абулев гIалимас абуна: «Гьал малаикзаби инсанасул гIамал хъвазе теялъул хIикмат буго гьесда лъараб мехалъ жинца гьабураб кинабго гIамал хъвалеб бугеблъи, гьев инсан лъикIаб гIамал гьабиялда гьесизе (гьетIизе) ва квешаб гIамал гьабиялдаса нахъеги къазе»-абун.

وَجَآءَتْ سَكْرَةُ ٱلْمَوْتِ بِٱلْحَقِّ ۖ ذَٰلِكَ مَا كُنتَ مِنْهُ تَحِيدُ ﴿١٩﴾

**19. Гьев инсанасда тIаде хвалил мехтелалги рачIуна, гьелъул захIмалъи, къварилъиги бачIуна, жиб хIакъаб жолъун бугеб хIалалъ.**

**Гьеб хвалил кьогIлъи ва захIмалъи букIанаха мун жиндаса лъутулев, вахчулевлъун вукIараб жо я гьав инсан!** КигIанго

инсанасе бокьичIониги гьесда тIад хвел бачIине букIин хIакъаб жо буго ва гьеб хвалил мехтелги, кьогIлъиги цIакъ захIматаб жо буго абураб магIна буго гьаб аяталъул.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда хвалил унти тIаде бачIараб мехалъ гьес жиндир гьумералдаса гIетI бацIцIунеб букIана ва жинцаги абулеб букIана: «СубхIана-Ллагьи! ХIакълъунго гьаб хвелалъул цIакъ гучал мехтелал руго!»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

**20. Хварал гIадамал тIаде рахъине гьаризе ссуралъуб пураб заман буго Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккун рукIарал гIадамазе гIазаб гьабизе къотIи гьабураб къо тIаде щвараб заман.** وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِۚ ذَٰلِكَ يَوۡمُ ٱلۡوَعِيدِ ٢٠

**21. Гьеб къоялъ щибаб нафсги бачIуна жив цеве къотIулев малаикгун ва жиндие нугIлъи гьабулев малаикгун цадахъ.** وَجَآءَتۡ كُلُّ نَفۡسٖ مَّعَهَا سَآئِقٞ وَشَهِيدٞ ٢١

Цинги гьев инсанасда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъанги абула:

**22. «Х1акълъунго мун цIакъ гьапулго вукIана гьаб къо дуде тIаде бачIине букIиналдаса. Гьанже дунялалъул рукъор дур гIиналдаги, бералдаги, ракIалдаги тIад букIараб пардав Дица тIаса ине гьабуна.** لَّقَدۡ كُنتَ فِي غَفۡلَةٖ مِّنۡ هَٰذَا فَكَشَفۡنَا عَنكَ غِطَآءَكَ فَبَصَرُكَ ٱلۡيَوۡمَ حَدِيدٞ ٢٢

Жакъа дуе щибго жоялъул ургъел гьечIо цохIо гьаб дуде тIаде бачIараб амроялъул гурони. Мун гьелдаса гьапул гьавулеб, машгъул гьавулеб щибго жо гьечIо! **Дур берзул канлъиги жакъа цIакъ лъикIаб, лебалаб буго.** Гьелъие квал-квал гьабулеб щибго жо хутIун гьечIелъул»-абун.

**23. Къиямасеб къоялъ гьев инсангун цадахъ вукIарав малаикас абула:** وَقَالَ قَرِينُهُۥ هَٰذَا مَا لَدَيَّ عَتِيدٌ ٢٣

**«Гьав чи вуго Дуца дун жиндир гIамалал хъвазе вакил гьавун вукIарав чи. Дица духъе гьав чи вачун вачIана ва гьасул гIамалал хъварал кагъталги рачIана»-абун.**

**24. Гьел малаикзабада Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **рахъалъан абула: «Нуж кIиясго жужахIалда жанире рехе кинавниги жив капурав, жинца хIакъаб жоялда инкар ккун вукIарав, жив гьаб къоялдаги божулев вукIинчIев чи!»-абун.** أَلۡقِيَا فِي جَهَنَّمَ كُلَّ كَفَّارٍ عَنِيدٖ ٢٤

**25. Жинца кинабго лъикIлъи нахъе чIвалев вукIарав.** Паризаяб закат-сахI кьолеб مَّنَّاعٖ لِّلۡخَيۡرِ مُعۡتَدٖ مُّرِيبٍ ٢٥

букIинчIев, **жинца зулмуги гьабулеб букIарав, хIилла-макроги гьабулев вукIарав, жиндир диналъулъ щакдарулевги вукIарав.**

**26. Жинца Аллагьгун** ﷻ **цадахъ цоги алагьги гьавун гьесие лагълъи гьабурав. Гьав чи нужеца рехе цIакъ гучаб жужахIалъул гIазабалъулъ!»-абун.**

ٱلَّذِي جَعَلَ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَأَلْقِيَاهُ فِي ٱلْعَذَابِ ٱلشَّدِيدِ ﴿٢٦﴾

**27.** Гьеб жужахIалда жанив ккедалго инсанас щайтIаналда гIайиб чIван абула: Гьаб щайтIаналъ къосизе гьавуна дун абун. **Гьеб гIайиб жинде рехидалго гьев чигун цадахъ букIараб щайтIаналъ абула: «Я нижер БетIаргьан! Дица гьев чи къосизе гьавичIо. Гьев живго вукIана хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ»-абун.**

۞قَالَ قَرِينُهُۥ رَبَّنَا مَآ أَطْغَيْتُهُۥ وَلَٰكِن كَانَ فِي ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ﴿٢٧﴾

**28. Аллагьасул** ﷻ **рахъалъан гьезда абула: «Жакъа нуж Дида цереги чIун цоцаде гIайибал чIван кIалъаге! ХIакълъунго Дица нужехъе Дир аварагзабиги** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **ритIун гьаб къоялъул гIазаб букIине букIиналдалъун хIинкъи кьун букIана.**

قَالَ لَا تَخْتَصِمُوا۟ لَدَيَّ وَقَدْ قَدَّمْتُ إِلَيْكُم بِٱلْوَعِيدِ ﴿٢٨﴾

Нуж иман лъеялдаги ахIун рукIана. Нужее дунялалда рукIадго гьеб Дир хIинкъи кьеялъ щибго мунпагIат гьабичIо.

**29. Дица бицараб рагIиги, гьабураб хIукмуги жиб хисизе гьабулеб, хвезе гьабулеб букIунаро.**

مَا يُبَدَّلُ ٱلْقَوْلُ لَدَيَّ وَمَآ أَنَا۠ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿٢٩﴾

Дунялалъул рукъоб купру-ширк гьабурал гIадамазе ахираталда жужахIалъул гIазаб гьабизе буго абун азалалдаго гьабураб хIукму буго. **Дун гьечIо Дица лагъзадерие зулму гьабулевлъун.** Гьезул гIамалалда рекъараб жазаъ буго жакъа гьезие гьабулеб жужахIалъул гIазабги.

**30. Гьеб къо буго дица жагьаннамаялда абулеб: «Мун жаниб цIун бугищ дур агьлуялдалъун?»-абун. Гьаб жагьаннамаялъ жавабги гьабулеб: «Гьенир цогиги гIадамал ругишха дида жанир рехизе бегьулел?»-абун.**

يَوْمَ نَقُولُ لِجَهَنَّمَ هَلِ ٱمْتَلَأْتِ وَتَقُولُ هَلْ مِن مَّزِيدٍ ﴿٣٠﴾

Гьаб рагIи хIакъикъаталда букIинеги бегьула: Аллагьасе ﷻ бокьараб мехалъ гамачIги, цIулги ва цоги бокьараб жоги кIалъалелъул. Яги

гьаб мисал бачин букӀинеги бегьула: Гьеб жужахӀ цӀакъ кӀудияб жо букӀиналъе ва кигӀан гӀемерал гӀадамал жанире рехханиги жиб цӀолареб букӀиналъе. ТӀадегӀанав Аллагьас цоги аяталда абун буго: «Дица жужахӀ цӀезе гьабичӀого теларо женалги гӀадамалги жанире рехун»-абун. Гьаб кӀиябго аяталдаса нилъеда бичӀчӀунеб буго ТӀадегӀанав Аллагьас гьеб жужахӀ жинда жаниб букӀунеб агьлоялда рекъараб кӀодолъиялда бижун букӀин.

**31. Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хӀинкъарал муъминзабада алжанги гӀагар гьабула, жиб рикӀкӀад гьечӀеб хӀалалъ.** وَأُزْلِفَتِ ٱلْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِينَ غَيْرَ بَعِيدٍ ﴿٣١﴾

Гьезда жиб бихьулеб бакӀалда бачуна алжан, гьел хира гьарун ва гьезул хьул лъезе гьабун. Гьел муъминзабадаги абула:

**32. Гьаб нужеда бихьулеб нигӀматазул алжан буго кинавниги Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссарав, гьесул амру-нагью тӀубан хьвадарав лагъасе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиб къотӀи гьабураб рукъ.** هَٰذَا مَا تُوعَدُونَ لِكُلِّ أَوَّابٍ حَفِيظٍ ﴿٣٢﴾

**33. Жинда бихьичӀеб, жиндаса рикӀкӀадаб жоялда иманги лъун, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гӀазабалдасаги хӀинкъун жив хьвадарав, жив Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ццевеги вачӀарав жинца тавбо гьабуравлъун, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хӀеларaб, мутӀигӀаб ракӀгун.** مَّنْ خَشِيَ ٱلرَّحْمَٰنَ بِٱلْغَيْبِ وَجَآءَ بِقَلْبٍ مُّنِيبٍ ﴿٣٣﴾

**34. Гьел муъминзабада абула: Нуж гьал алжаназда жанире лъугьа кинабгӀаги нужее бокьулареб жоялдаса нуж саламатлъун ругеб хӀалалъ.** ٱدْخُلُوهَا بِسَلَٰمٍ ذَٰلِكَ يَوْمُ ٱلْخُلُودِ ﴿٣٤﴾

Унти-шокълъи, ракъи-къеч, къварилъи-гӀазабалдаса нуж божараллъун ругеб хӀалалъ. **Гьаб къо буго даимго рукӀинелъун нуж алжаналде лъугьизе гьарулеб къо»-абун.**

**35. Жидее гьеб алжаналда жаниб щиб жо бокьаниги буго.** لَهُم مَّا يَشَآءُونَ فِيهَا وَلَدَيْنَا مَزِيدٌ ﴿٣٥﴾

Бералъе бокьарабги, гӀиналъе бокьарабги, ракӀалъе бокьарабги. Жидер щиб жоялда хьул лъуниги гьезие гьеб жо буго алжаналда жаниб. **Дида аскӀоб гьал нигӀматазда тӀадги цогиги цӀекӀел буго муъминзабазе жиб бугеб:** Гьеб буго ТӀадегӀанав Аллагьасда балагьизе гьезие щвей.

**36. Дица кигӀан гӀемерал умматалха гьалаг гьарурал гьал Маккаялъул мушриказдаса церехун жал рукӀарал, гьаздаса жал цӀакъ гуч ва къуват бугелги рукӀарал, жал шагьаразулъ ва улкабазулъ** وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّن قَرْنٍ هُمْ أَشَدُّ مِنْهُم بَطْشًا فَنَقَّبُوا۟ فِى ٱلْبِلَٰدِ هَلْ مِن مَّحِيصٍ ﴿٣٦﴾

**чIухIун сверулелги рукIарал? Гьал чагIи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса рорчIанищха?**

**37. Х1акълъунго Гьал умматал гьалаг гьариялда жаниб, кIудияб вагIза буго жидер жо бичIулеб ракI бугел, яги жал жидеда бицунеб жоялда гIенеккулел гIадамазе, гьеб гIенеккигун цадахъ жидер ракIалъ пикруги гьабулел.** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَذِكْرَىٰ لِمَن كَانَ لَهُۥ قَلْبٌ أَوْ أَلْقَى ٱلسَّمْعَ وَهُوَ شَهِيدٌ ﴿٣٧﴾

Гьаб кIиго аяталда жаниб бугеб жо буго Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьеялъе бугеб: Гьез иман лъечIони Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ кIола гьел гьалаг гьаризе абун. Гьединго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе рекIел гъейги буго: Дуца ракI къварид гьабуге МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, гьездасанги гучал ва гIемерал умматал гьалаг гьаруна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ, жидеца купру-ширк течIеб мехалъ, гьалги гьалаг гьарила Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ абун.

**38. Х1акълъунго Дица зобалги, ракьги ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъги бижана анлъго къоялда жаниб. Гьеб махлукъ бижулаго Дида щибго захIмалъиги щвечIо.** وَلَقَدْ خَلَقْنَا ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ وَمَا مَسَّنَا مِن لُّغُوبٍ ﴿٣٨﴾

Дие цо амро букIине бокьараб мехалъ гьеб амро цохIо «Кун» абураб рагIи абиялдалъун букIуна. Гьедин бигьаго дица хварал тIадеги рахъине гьарула ва гьезул хIисаб мизанги гьабула.

**39. Дуца сабро гьабе МухIаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, гьел мушриказ дуде абулеб раг1иялда.** Мун авараг гьечIо, сахIир вуго, шагIир вуго абун. فَٱصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوعِ ٱلشَّمْسِ وَقَبْلَ ٱلْغُرُوبِ ﴿٣٩﴾

Дуца гьезулгун дагIба къец гьабичIого гьел исламияб диналде ахIе. **Дуца дур БетIергьан Аллагьасе радал бакъ баккилелде цебеги, бакъанида бакъ т1ерхьилелде цебеги тасбихI ва хIамд гьабе.** «СубхIаналлагьи валхIамдулиллагьи»-абун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рецц гьабе ва гьев кIодоги гьаве.

**40. Сардилъ тIаде вахъунги дуца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбихI гьабе, паризаял какал ран хадубги гьабе Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбихI.** وَمِنَ ٱلَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَأَدْبَٰرَ ٱلسُّجُودِ ﴿٤٠﴾

Гьал аятаздаса хIукму босана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг МигIаражалда инегIан цебе кIиго как букIана уммуталда тIад фарз гьабураб: бакъ баккилелде цебе балеб ва бакъанил гIужалъ балебги.

Сардилъ тIаде вахъун как бай цо лъагIелалъ тIадаб букIана аварагасдаги ﷺ гьесул умматалдаги. Хадуб гьеб сардилъ тIаде вахъун балеб как аварагасда ﷺ тIадаблъун гьабуна, гьесул умматалъе суннатаблъунги гьабуна.

**41. Дуца гIин тIаме МухIаммад ﷺ Исрафил малаикас киназдаго рагIулеб бакIалдаса ахIулеб мехалъ.** وَٱسۡتَمِعۡ يَوۡمَ يُنَادِ ٱلۡمُنَادِ مِن مَّكَانٖ قَرِيبٖ ﴿٤١﴾

**42. Гьеб къо буго кинабго халкъалда жал тIаде рахъизе гьариялъе бугеб ахIи рагIулеб къо ва гьеб буго хIисаб-мизаналъе ва жазаалъе халкъ тIаде бахъине гьабулеб къо.** يَوۡمَ يَسۡمَعُونَ ٱلصَّيۡحَةَ بِٱلۡحَقِّۚ ذَٰلِكَ يَوۡمُ ٱلۡخُرُوجِ ﴿٤٢﴾

Аллагьасул ﷻ амруялдалъун Исрафил малаикас ахIула: «Я гьал турарал рукьби, тIутIун арал щукIдулги, гьарщун араб гьанги, бикь-бикьун араб расги! Аллагьас ﷻ нужеда амур гьабулеб буго нуж данде русса абун ва хIисаб мизан гьабизе махIшаралда рахъа»-абун.

**43. ХIакълъунго Дун вуго Дица чIаго гьарулев ва Дица хвезеги гьарулев. Ахираталда Дида буго кинабго халкъалъул руссинги.** إِنَّا نَحۡنُ نُحۡيِۦ وَنُمِيتُ وَإِلَيۡنَا ٱلۡمَصِيرُ ﴿٤٣﴾

Гьеб къоялъ цохIо Дун гурев хан гьечIо, Дица гьабураб гурони хIукмуги гьечIо, гьеб хIукму хисинабизе кIолев щивго чиги гьечIо.

**44. Гьеб къоялъ хваразда тIасан ракь бихь-бихьун уна ва цIакъ хехго тIаде рахъун гьеб халкъ жал ахIулеб рахъалдехун уна.** Гьаб буго дица халкъ Дида бусине гьабулеб къо **ва гьеб халкъ т1аде бахъине гьаби Дие цIакъ бигьаяб амроги буго.** يَوۡمَ تَشَقَّقُ ٱلۡأَرۡضُ عَنۡهُمۡ سِرَاعٗاۚ ذَٰلِكَ حَشۡرٌ عَلَيۡنَا يَسِيرٞ ﴿٤٤﴾

**45. Дида лъик1 лъала МухIаммад ﷺ Къурайшазул капурал гIадамаз абулеб рагIи: «ахиратги гьечIо хIисаб-мизан, жазаъги гьечIо»-абун.** نَّحۡنُ أَعۡلَمُ بِمَا يَقُولُونَۖ وَمَآ أَنتَ عَلَيۡهِم بِجَبَّارٖۖ فَذَكِّرۡ بِٱلۡقُرۡءَانِ مَن يَخَافُ وَعِيدِ ﴿٤٥﴾

**Мун гьезда хIал гьабун гьел иман лъеялда рачунев чиги гьечIо. Дуца гьеб къавмалъул Дир гIазабалдаса хIинкъулел гIадамазе вагIза гьабе жиб хирияб Къуръаналдалъун.** Гьел руго дуца гьабураб вагIза босулел ва дуда жал нахърилълъунел.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб сурат цIалулеб букIана гIемераб халкъ

буссараб бакIалда вагIза гьабулеб мехалъ. Гьелъие сабабги буго гьаб сураталда жаниб ахираталъул хабар гIемер бицун букIин. ГIидалъул как балеб мехалъги гьаб суратги ﴿ٱقۡتَرَبَتِ ٱلسَّاعَةُ وَٱنشَقَّ ٱلۡقَمَرُ﴾-абураб суратги цIалулеб букIана. (суратул къамар 54 сурат). Гьединго гьаб сурат цIалулеб букIана рузман къоялъ рузманалъул какилъги.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Къафалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 51. Сурату Ззáрийáт

سُورَةُ الذَّارِيَاتِ

*Гъаб суратги Маккаялда рештIине гъабураб бугелъул, гъаниб исламалъул аслаби рици ва Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялда тIоритIел гъабулел гIаламатал рици буго аслияб бахIс.*

*Жидеца ралъдада гуми хьвадизе гьарулел, ракъдада сали-хIуралъул накIкIалги лъугьине гьарулеб гьуриялъул бицун, хадуб жидеца цIадул лъим баччулел накIкIазул, гьел накIкIал хьвадизе гьарулел ва цогидаб халкъалъул хъулухъалъе ругел малаикзабазул бицун ТIадегIанав Аллагь гьедулев вуго хун хадур тIаде рахъине гьари жиб букIин хIакъаб амро букIиналъе, хIисаб-мизан ва жазаъги хIакъаб амро букIиналъе. Хадуб жидеца аварагги ﷺ ахиратги, гьаб хирияб Къуръанги гьереси гьабулел Маккаялъул мушриказул дунялалда бугеб хIал ва ахираталда гьел руссунеб бакI бицун буго. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал муъминзабазул ва Аллагьас ﷻ гьезие хIадурун ругел нигIматазулги бицун буго.*

*ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъи ва къудрат гучаб букIиналда тIоритIел гьабулел зобал-ракь бижиналъул, цIакъ берцинаб сифат-сураталда инсан вижиналъул баянги буго. Хириял аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ къисабиги, цересел капурал къавмазда бачIараб гIазабги рехсон Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе ракI параxатлъи ва гьесул умматалъе вагIзаги гьабун буго.*

*Сураталъул ахиралда ТIадегIанав Аллагьас кинабго гIадамалги, жиналги рижиналдаса бугеб мурад бицунеб буго. Гьеб мурадги гьаб кIиябго махлукъалда жидер БетIергьан Аллагь вукIин лъай буго, гьев цо вукIин лъан, гьесие гIибадат бацIад гьаби ва гьев разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабун хьвади буго.*

**Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1. **Жидеца сали-хIур цо бакIалдаса багъаризе гьабун цоги бакIалда баччулел гьуралхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** وَالذَّارِيَاتِ ذَرْوًا ١

2. **Жидеца цIадал лъималъул бакIлъи баччулел накIкIалхIаги абунги гьедулев вуго гьев Аллагь ﷻ.** فَالْحَامِلَاتِ وِقْرًا ٢

3. **Ралъдада тIад гIадамал ва къайи-матахI баччун** فَالْجَارِيَاتِ يُسْرًا ٣

**бигьаго жал хьвадулел гумуздалъунги гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

**4. Жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амру тIубазе гьабун халкъалъул хIажат тIубалел, гьезие ризкъиги, цIадги бикьулел малаикзабадалъунги гьедулев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ .** فَٱلْمُقَسِّمَٰتِ أَمْرًا ﴿٤﴾

**5. Нужее жиб къотIи гьабураб тIаде рахъине гьариги, хIисаб-мизан гьабиги жиб хIакъаб амро буго абун.** إِنَّمَا تُوعَدُونَ لَصَادِقٌ ﴿٥﴾

**6. Гьединго щивав чияс гьабураб гIамалалъе жазаъ гьабиги хIакъаб, жиндилъ щаклъи гьечIеб амро буго абун.** وَإِنَّ ٱلدِّينَ لَوَٰقِعٌ ﴿٦﴾

ТIудегIанав Аллагьас малаикзаби рижун руго жидеца даимго тасбихI-сужда гьабун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьабулеллъун. Гьел малаикзаби руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ зобалаздаса ракьалда рещтIунеб кинабго рахIматги, гIазабги жидедалъун хьвадизе гьабулел чапарзабиги. Гьел малаикзабазул щибаб къукъа цо-цо амруялъул тадбир гьабизе хас гьаруралги руго. Жабраил малаик аварагзабаде عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ вахIю босун хьвадулев вуго, Микаил малаик лагъзадерие ризкъи бикьулев вуго, Исрафил ссуралъуб пулев вуго, малакулмавт рухIал россулев вуго.

**7. Берцинаб, къач1араб, къуватаб зобалхIаги абунги гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** وَٱلسَّمَآءِ ذَاتِ ٱلْحُبُكِ ﴿٧﴾

**8. Х1акълъунго нуж цIакъ щакдарулеб, хIасил гьечIеб рагIиялъулъ руго, я гьал Маккаялъул мушрикал, нужеца МухIаммад аварагасул صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ хIакъалъулъ жиб абулеб.** إِنَّكُمْ لَفِى قَوْلٍ مُّخْتَلِفٍ ﴿٨﴾

СахIир вуго, шагIир вуго, мажнун вуго абулеб буго нужеца. Гьел киналго рагIабиги жал гьересиял, жидее хIужа-далил гьечIел руго.

**9. Гьев МухIаммадида صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ ва гьесда рештIине гьабураб Къуръаналда иман лъеялдаса вуссула Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ азалияб гIелмуялъульго жив бахьи гьечIевлъун вугев чи.** يُؤْفَكُ عَنْهُ مَنْ أُفِكَ ﴿٩﴾

**10. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ лагIнат кьурал, жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьарурал руго жидеца хирияб Къуръанги, гьеб жинда рештIине гьабурав аварагги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ гьереси гьарулел гIадамал.** قُتِلَ ٱلْخَرَّٰصُونَ ﴿١٠﴾

**11. Гьел руго ахираталъул амруялдаса жал сагьвиллъун, гъафуллъун** ٱلَّذِينَ هُمْ فِى غَمْرَةٍ سَاهُونَ ﴿١١﴾

**ругел гIадамал.**

**12. Гьеб ахират букIиналда божичIого, гьеб махсароде гьабун жидеца гьикъулелги руго: «Кида букIунеб гьеб хIисаб мизан гьабулеб къо?»-абун.** يَسْـَٔلُونَ أَيَّانَ يَوْمُ ٱلدِّينِ ﴿١٢﴾

**13. Гьеб хIисаб мизан букIине буго капурал гIадамал жужахIалда жанирги рехун рухIулеб къоялъ. Гьел гIадамаздаги абулеб:** يَوْمَ هُمْ عَلَى ٱلنَّارِ يُفْتَنُونَ ﴿١٣﴾

**14. «ЧIаме нужеца гьаб нужее гьабулеб гIазаб? Гьаб буго дунялалда нужеца жиб хехго бачIин тIалаб гьабулеб букIараб гIазаб»-абун.** ذُوقُواْ فِتْنَتَكُمْ هَٰذَا ٱلَّذِي كُنتُم بِهِۦ تَسْتَعْجِلُونَ ﴿١٤﴾

**15. ХIакълъунго Аллагьасда иманлъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун жал хьвадарал гIадамал гьеб къоялъ алжаназул ахазулъ ва иццазулъ рукIине руго.** إِنَّ ٱلْمُتَّقِينَ فِي جَنَّٰتٍ وَعُيُونٍ ﴿١٥﴾

**16. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее кьурал берцинал тIагIамал нигIматаздаса лазат босунелги рукIине руго.** ءَاخِذِينَ مَآ ءَاتَىٰهُمْ رَبُّهُمْ ۚ إِنَّهُمْ كَانُواْ قَبْلَ ذَٰلِكَ مُحْسِنِينَ ﴿١٦﴾

**Х1акълъунго гьал руго дунялалъул рукъор жидеца лъикIаб гIамал гьабула рукIарал гIадамал.**

**17. Гьел гIадамал сардилъ цIакъго дагьаб мехалъ гурони регун, кьижун рукIунел рукIинчIо.** كَانُواْ قَلِيلًا مِّنَ ٱلَّيْلِ مَا يَهْجَعُونَ ﴿١٧﴾

ТIадегIанав Аллагьасе щукру гьабун сардилъ тIаде рахъун как балел ракIана.

**18. Радакьги гьел Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **мунагьал рахчи тIалаб гьабулел,** гьесда дугIа ва х1ели гьабун гIодулел рукIунел **рукIана.** وَبِٱلْأَسْحَارِ هُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ﴿١٨﴾

**19. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьезие кьураб боцIималалдаса мискин-пакъирасеги, гьарун вачIарасеги нафакъаги, садакъаги кьолеб букIана.** وَفِيٓ أَمْوَٰلِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّآئِلِ وَٱلْمَحْرُومِ ﴿١٩﴾

Гьадинаб камилаб Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъи букIуна рекIелъ иман хIалхьарал гIадамазул: Жидеда тIад гьабураб фарз тIубала щибго жагъаллъи биччачIого, хадуб хирияв аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ суннатги тIубала, сардилъ рахъун какалги рала, радакь тIаде рахъун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гьарун гIодун жидер мунагьал рахчи тIалаб гьабулелги рукIуна. Жидеца диналъул вацасе лъикIлъи гьабулел, закат-сахI ва садакъа кьолелги рукIуна. Гьал руго хIакъикъиял муъминзаби. Гьал гIадамал

кинабго жидер гIамал лъикIаб букIингун цадахъ, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIикъун гIодулелги рукIуна. Жидер цониги лъикIаб гIамал гьечIел, гIасиял, пасикъал гIадамал релъун роххун, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нигIматаздаса лазат босулел рукIуна. Гьаб цIакъ кIудияб хIикмат буго ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бугеб жиндир лагъзадерил хIал бихьиги буго!

**20. Гьаб ракьалда тIадги гIемерал далилал руго жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъолел гIадамазе гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда жидеца тIоритIел гьабулел.** وَفِي ٱلْأَرْضِ ءَايَٰتٌ لِّلْمُوقِنِينَ ﴿٢٠﴾

**21. Нужерго нафсазда жанирги руго гьел гIаламатал ва далилал. Гьаб жо нужеда кин бихьулареб?** وَفِيٓ أَنفُسِكُمْ ۚ أَفَلَا تُبْصِرُونَ ﴿٢١﴾

Гьелъул пикру гьабун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан вукIиналда кин нуж мукIурлъуларел?

**22. Зобалазда тIаде буго нужее ризкъи гIатIилъиялъе сабаблъун бугеб цIад. Гьел зобалазда буго нужее ахираталда букIине бугеб алжанги жужахIги.** وَفِي ٱلسَّمَآءِ رِزْقُكُمْ وَمَا تُوعَدُونَ ﴿٢٢﴾

**23. Гьал зобал ракьалъул БетIергьанасул цIаралхIаги гьаб нужее ахираталда букIине къотIи гьабураб жоги, дунялалда нужее къадар гьабураб ризкъиги жиб букIин хIакъаб жо буго, нуж кIалъалел рукIин хIакъаб бугеб гIадин.** فَوَرَبِّ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ إِنَّهُۥ لَحَقٌّ مِّثْلَ مَآ أَنَّكُمْ تَنطِقُونَ ﴿٢٣﴾

Гьаб рагIиги мисал бачун абураб рагIи буго: Дуда мун кIалъалев вукIин лъалеб батани, гьелда мун божулевги ватани, мун ахиарат букIиналдаги божа абураб магIна буго гьаб рагIиялъул.

Цо гIалахалда гIурав агIрабиясда гьаб кIиго аят цIалулеб рагIараб мехалъ гьес абуна: «СубхIаналлагьи! Щив чидай вуго гьедигIанго жинца БетIергьанасул ццим бахъизе гьабурав ва гьев гьедизе тIамурав? Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рагIиялдагIаги божизе бегьиларищ гьес гьа гьедичIониги. Вай Аллагь гьал гIадамазул квешлъи ва гьезие бугеб къварилъи!» – абун.

**24. Духъе бачIанищ МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Ибрагьим аварагасухъе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рачIарал жал хириял, жидер къадро кIудиял гьалбадерил хабар.** هَلْ أَتَىٰكَ حَدِيثُ ضَيْفِ إِبْرَٰهِيمَ ٱلْمُكْرَمِينَ ﴿٢٤﴾

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: Гьел рукIана цIакъ

берцинал гIолохъабазул сифаталда рачIарал Жабраил, Исрафил ва Микаил малаикзаби.

إِذْ دَخَلُوا۟ عَلَيْهِ فَقَالُوا۟ سَلَٰمًا قَالَ سَلَٰمٌ قَوْمٌ مُّنكَرُونَ ﴿٢٥﴾

**25. Гьел гьалбал Ибарагьимиде тIаде лъугьана ва жидецаги абуна: «Нижеца дуда «Салам» гьабулеб буго!»-абун.**

Салам абураб рагIиялъул магIна буго гIарабиязда гьоркьоб дидаса дуе саламатлъи буго, дидаса дуе щибго хIинкъи къварилъи гьечIо абураб. Гьеб «Салам» абун цо чи тIаде вачIараб мехалъ гьесда божулел рукIана ва гьесие гьоболлъиги гьабулеб букIана. Тушманлъи гьабизе вачIулев чи «Салам» абун вачIунаро. Нагагь «Салам» абун тIадеги вачIун цинги тушманлъи гьабуни гьеб цIакъ кудияб хиянат ва хIалихьалъи букIана. **Ибрагьим аварагасги** عَلَيْهِ السَّلَامُ **абуна: «Нужееги салам буго, амма нуж дида лъаларел гIадамал ругоха»-абун.**

ГIалимзабазул хилаф буго «нуж дида лъаларел гIадамал руго»-абураб рагIи дол гьалбадерида хитIаб гьабунищ абураб, яги жиндирго нафсалъулъищ абураб абун. Гьаб хилаф бижиналъе сабабги буго: Жиндие саламги кьун тIаде рачIарал гьалбадериде нуж дида лъалел гьечIоха аби адабалдаса жо гьечIо, гьев Ибрагьим авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ адаб-хъатир лъаларев чилъун вукIинги рекъараб гьечIо абураб рагIи.

فَرَاغَ إِلَىٰٓ أَهْلِهِۦ فَجَآءَ بِعِجْلٍ سَمِينٍ ﴿٢٦﴾

**26. Цинги гьев Ибарагьим хекого жиндир агьлуялъухъе ана ва кьарияб бачил бежараб гьанги босун вачIана.**

فَقَرَّبَهُۥٓ إِلَيْهِمْ قَالَ أَلَا تَأْكُلُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Жинца гьезда цебе квен лъуна ва гьел квен кваначIого чIараб мехалъ Ибарагьимица абуна: «Я гъаринал, нужеца гьаб дир тIагIам кваналеб гьечIоха?»-абун.**

Ибну Касирица абуна: ТIадегIанав Аллагьас гьаб жидер рагIаби дагьаб кIиго аяталда жаниб гьоболлъи гьабиялъул берцинал адабал рицана. Гьел жинда тIаде гьалбал рачIарабго гьел жидер чIолеб бакIалда парахатги гьарун Ибрагьим гьезда щибго жо абичIого ва хекого гьезие квеналда хадув ана. «Нуж ракъун ругищ, нужее квен кьелищ, лъим кьелищ?»-абун гьикъардичIого. Цинги гьеб квен босун вачIун гьезда аскIоб, гьезул квер щолеб бакIалда лъуна. ДобегIан квенги лъун «Гьанже нуж кваназе рахъаха»-абун абичIого. Гьеб квен цебе лъун хадубги тамахго ва хIеренго гьезда абуна: «Я дир гьалбал! Гьаб дир гьоболлъи къабул гьабиларищ нужеца? Дагьабниги квен кванае

гъаринал»-абун.

فَأَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيفَةً قَالُوا۟ لَا تَخَفْ وَبَشَّرُوهُ بِغُلَٰمٍ عَلِيمٍ ﴿٢٨﴾

**28. Гьел гьалбадерил кверал тIагIамалда регьулелго рихьичIелъул Ибрагьимил рекIелъе цо хIинкъи ва щаклъи рехана. Цинги гьел гьалбадерица абуна: «Мун хIинкъуге»-абун.**

Хадуб гьез жидер хIакъикъатги бицана. **Гьев Ибарагьим аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жидеца рохелги бицана дуе цо вас гьавизе вуго абун. Жив кIудияв гIедалго гIелму-лъай бугев, лъикIав васлъун вукIунев.**

فَأَقْبَلَتِ ٱمْرَأَتُهُۥ فِى صَرَّةٍ فَصَكَّتْ وَجْهَهَا وَقَالَتْ عَجُوزٌ عَقِيمٌ ﴿٢٩﴾

**29. Гьеб хабар жинда рагIараб мехалъ, тамашалъун гьаракьги гьабулаго, Ибрагьимил чIужу Сарат гьезда цее ячIана ва гьелъ жиндир гьурмаде хъатги къабулаго цIакъ гIажаиблъи гьабун абуна: «Кин дица лъимер гьабулеб? Дун йиго цIохIо лъимер гьабичIей херай чIужу»-абун.** Гьелъул нусго сон гIезе цо сон камун букIана абуна гIалимзабаца, Ибрагьимилги гьеб мехалъ нусиялда къого сон букIана.

قَالُوا۟ كَذَٰلِكِ قَالَ رَبُّكِ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْحَكِيمُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٣٠﴾

**30. Малаикзабаца абуна: Гьаб нижеца бицараб жо Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **азалияб хIукму буго. Мун гьелда щибго щаклъуге. Х1акълъунго гьев БетIергьан Аллагь вуго жинда кинабго махлукъалъул ахIвал-хIал ва гьезие маслахIат бугеб жо лъалев.**

**Жинца гьабулеб хIукмуялъулъ жив хIакимиявги вуго.** Цо пайда ва хIикмат гьечIеб хIукму жинца гьабуларев вуго.

Цоги аяталда жаниб буго гьей Сарат цIакъ гIажаиблъун лъугьиндал гьелда рохел бицана: «Дуе ИсхIакъ абун вас гьавизе вуго, гьесда хадув (гьесул вас) ЯгIкъубги гьавизе вуго»-абун. Гьел лъимал гьарун Ибрагьимидаги Саратидаги рихьизеги рихьана.

۞ قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ أَيُّهَا ٱلْمُرْسَلُونَ ﴿٣١﴾

31. Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьел малаикзаби рукIин лъадалго ва гьел цо квIар бугеб амро букIун гурони ракьалда рештIулареблъиги лъалеб букIиндал, **жинца абуна: «Нужер кIвар бугеб амро щибха бугеб, я гьал Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **расулал?»-абун.**

قَالُوٓا۟ إِنَّآ أُرْسِلْنَآ إِلَىٰ قَوْمٍ مُّجْرِمِينَ ﴿٣٢﴾

**32. Гьез абуна: «Х1акълъунго ниж ритIун руго жидеца цIакъ кIудиял мунагьал ва къабихIал ишал гьарулеб къавмалда.** Гьеб

къавм буго ЛутIил къавм.

لِنُرۡسِلَ عَلَيۡهِمۡ حِجَارَةٗ مِّن طِينٖ ٣٣

**33. Ниж ритIун руго нижеца гьезда тIаде рештIине гьаризе жужахIалъул хIарщ бухIун гьарурал ганчIал.**

مُّسَوَّمَةً عِندَ رَبِّكَ لِلۡمُسۡرِفِينَ ٣٤

**34. Гьел ганчIазда тIад дур БетIергьан Аллагьас гьабураб щивав капурчиясул гIужги букIине буго.**

Гьесул цIар букIине буго ва щибаб гамачI гьеб цIар тIад хъварав чиясда щвезе буго»-абун.

فَأَخۡرَجۡنَا مَن كَانَ فِيهَا مِنَ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ٣٥

**35. Дица гьеб къавмалъул росабалъан къватIире рачана гьенир рукIарал муъминзаби.**

فَمَا وَجَدۡنَا فِيهَا غَيۡرَ بَيۡتٖ مِّنَ ٱلۡمُسۡلِمِينَ ٣٦

**36. Гьеб къавмалда жаниб Дида цохIо ЛутIил мина гурони бусурбабазул минаги батичIо.**

وَتَرَكۡنَا فِيهَآ ءَايَةٗ لِّلَّذِينَ يَخَافُونَ ٱلۡعَذَابَ ٱلۡأَلِيمَ ٣٧

**37. Дица гьел ЛутIил къавмалъул росаби рукIараб бакI тана хадусел къавмазе гIаламатлъун. Гьел гIаламатаздаса вагIза босизе жал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабаслдаса хIинкъулел муъминзабаца**.

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъезе чIухIараб къавмалъе гьел гIаламатал рихьуларо ва гьезие щибго жоялъул вагIзаги лъугьуларо.

Ас-Сави абулев гIалимас абуна: «ЛутIил къавмалъул анлънус азарго чи вукIана. Аллагьасул салам лъеяв Жабраил малаикас жиндир кваркьи гьезул росабазде гъокье биччана. Цинги гьел росаби зобалаздаги рорхун кIалагъокье сверизе гьарун гIодоре роргизе риччана. Гьеб кинабго гамачI ракьги гьезда тIад бортана. Гьел росабалъан къватIирехун рукIарал гIадамаздаги жужахIалъул гамачI речIун, бетIералдасан жанибе ун гъокьан къватIибе бачIунеб букIана ва гьелги хун гIодоре кколел рукIана. Гьеб ЛутIил къавм букIараб бакIалда махIцараб, цIамхIалаб лъималъул хIор буго, жиндаса щибго жоялъе мунфагIат босизе санагIат гьечIеб»-абун.

وَفِي مُوسَىٰٓ إِذۡ أَرۡسَلۡنَٰهُ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ بِسُلۡطَٰنٖ مُّبِينٖ ٣٨

**38. Муса аварагасул عَلَيۡهِالسَّلَام къисаялъулъги гьаруна Дица аятал ва гIаламатал иман лъезе бокьарал гIадамазе жиндаса вагIаза босизе.**

**Дица гьев Муса авараг عَلَيۡهِالسَّلَام пиргIавнида ва гьесул къавмалда витIараб мехалъ баянаб хIужаялдалъун.** Гьеб хIужаги Таврат

букIана, цогиги гIемерал мугIжизаталги рукIана.

**39. Гьев пиргIавн Муса аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ فَتَوَلَّىٰ بِرُكْنِهِۦ وَقَالَ سَٰحِرٌ أَوْ مَجْنُونٌ ﴿٣٩﴾
**иман лъеялдаса вусана кинабго жиндир къавмгун цадахъ.**

Жиндир гIемерал боязда ва яргъил къуваталда божун, жив кIудияв хан вуго абун, чIухIана пиргIавн Мусада иман лъезе **ва гьес абуна: «Гьав чи вуго сихIрочи, яги жундуца ккурав чи»-абун.**

**40. Дица гьев пиргIавнги, гьесул** فَأَخَذْنَٰهُ وَجُنُودَهُۥ فَنَبَذْنَٰهُمْ فِى ٱلْيَمِّ وَهُوَ مُلِيمٌ ﴿٤٠﴾
**боялги Дир гIазабалдалъун ккуна ва Дица гьел ралъдалъ рехун гъанкъизе гьаруна. Гьев пиргIавн жиндир купру-ширкалдалъун жив какизе ва жиндие гIазаб гьабизе рекъаравги вукIана.**

Гьесдаса чIухIарав инсан цоги вижун ватиги щакаб жо буго: Гьев пиргIавн вукIиндал: «Дун вуго нужер бищун кIудияв БетIергьан»-абун жинца къавмалда абурав ва жив алагь вуго абун кIалъалев!.

**41. ГIадил къавмалъулъги буго иман** وَفِى عَادٍ إِذْ أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمُ ٱلرِّيحَ ٱلْعَقِيمَ ﴿٤١﴾
**лъезе бокьарал гIадамазе вагIза-насихIат. Дица гьезда тIаде биччараб мехалъ жиндир баракат гьечIеб гьури.**

Жиндалъун накIкIал данде гьарулареб, цIадги базе гьабулареб, рахIмо (тIончIорукъ) бакъварай чIужугIаданалда релълъун жиндилъ баракат гьечIеб.

**42. Гьеб гьуриялъ жиб тIаде щвараб** مَا تَذَرُ مِن شَىْءٍ أَتَتْ عَلَيْهِ إِلَّا جَعَلَتْهُ كَٱلرَّمِيمِ ﴿٤٢﴾
**щибго жо толеб букIинчIо жинца гьеб турараб жо гIадин гьалаг гьабун гурони.**

Гьеб букIана цIакъ гучаб, жиб сверсведулеб, жиндир зарал кIудияб гьури. Микьго къоялъ тIатIалаго гьеб къавмалда тIад жиб пулеб букIараб. Жинца гIадамал ва хIайванал хIули гIадин зодореги росун цинги гIодоре рортизе риччалебги букIараб.

Гьел ГIадилал рукIана цIакъ черх къуватал, лага борхатал гIадамал. Гьезул минабиги рукIана кьурабиги рухъун, рорлъун гьенир жанир гьарурал. Гьезул рекIелчIейги букIана жидер къуваталда ва жидер минабазда. БетIергьан Аллагьасул гьел гьалаг гьаризе хIукму гьабураб заман тIаде щвараб мехалъ гьеб гучаб гьури кьурабалъан къватIибе пуна ва гьенир жанир рукIарал гIадамал гьениса къватIиреги рехун, цинги зобалаздеги рорхун гIодоре рортизе риччана.

**43. Самудиязул къавмалъул** وَفِى ثَمُودَ إِذْ قِيلَ لَهُمْ تَمَتَّعُوا۟ حَتَّىٰ حِينٍ ﴿٤٣﴾
**къисаялъулъги буго вагIза-насихIат. Гьел**

**Самудияздаги абидал: «Нуж гьаб дунялалдаса кеп босулеллъун рукIаха нуж гьалаг гьаризе цIараб гIуж тIаде щвезегIан»-абун.** Гьаб буго СсалихI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام къавм. Жидеца варани хъураб мехалъ лъабгоь къоялдаса нужеда тIаде гIазаб бачIине буго абун тун рукIарал.

فَعَتَوْاْ عَنْ أَمْرِ رَبِّهِمْ فَأَخَذَتْهُمُ ٱلصَّٰعِقَةُ وَهُمْ يَنظُرُونَ ﴿٤٤﴾

**44. Гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялда гIассилъана, гьесул расуласда нахъги рилълъинчIо.**

**Цинги гьел ккуна гучаб гьаракьлъун бугеб гIазабалъ. Гьеб гIазаб жидеда тIадги бачIана жидеда бихьун, жал гьелда балагьун рукIун.** ЧIегIераб накIкI бугеб хIалалъ баккана гьеб гIазаб. Гьеб накIкIул рагIдукье абун гьеб къавмги киналго цо бакIалде данде руссана. Цинги зодиса кутакаб гьаракь бахъана, гъокьан ракьги багъарана, накIкIаздаса къватиIибе гьезда тIад цIаги речIчIана.

فَمَا ٱسْتَطَٰعُواْ مِن قِيَامٍ وَمَا كَانُواْ مُنتَصِرِينَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьеб гIазаб тIаде щвараб мехалъ гьезда жал гIодор чIараб бакIалдаса тIаде рахъизеги кIвечIо, гьезие квер бакъулев, гьездаса гIазаб нахъе чIвалев щивго чиги вукIинчIо.**

وَقَوْمَ نُوحٍ مِّن قَبْلُ إِنَّهُمْ كَانُواْ قَوْمًا فَٰسِقِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Гьездасаги цере НухIил къавмги гьалаг гьабуна Дица. Х1акълъунго гьел рукIана жидеца иман лъечIеб пасикъаб къавм.**

Хъанчие лагълъи гьабулеб къавм букIана: азарго сон гIагарун заманаялъ НухI аварагас عَلَيْهِ السَّلَام Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялда ахIаниги жал гьесда нахърилълъинчIел. Гьеб къавм гьалаг гьабуна тIупан тIун, цIадал иццал тIаде чвахизе гьарун, ракьул гьумер лъималдалъун бахчизе гьабун. ГIадил къавмалъе гьури кьурулъан къватIибе пураб гIадин гьаб НухIил къавмалъе лъимги бищун цебе жидеца цIа бакулеб коринисан къватIибе чваххана.

وَٱلسَّمَآءَ بَنَيْنَٰهَا بِأَيْيْدٍ وَإِنَّا لَمُوسِعُونَ ﴿٤٧﴾

**47. Гьал рорхатал ва гIатIидал зобал Дица нужеда тIаде рорхун руго дир квераздалъун.**

Дир къудраталдалъун буго Дица гьел зобал рижун ва тIаде рорхун. **Дица гьел зобалги гьениб жаниб бугеб цогидал цIвабиги цIакъ кIудиял, гIатIидал гьарун руго.** Гьел зобалазул ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалъул гIорхъи лъазабизе инсанасда кIун гьечIо ва хадуб кIвезеги гьечIо. Гьеб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мугIжизат. Гьеб мугIжизат букIиналъе бугеб аят буго: «Нуж зобалазул ва ракьалъул гIорхъабаздаса къватIире рахъа а!»-абураб (55 сурат 35 аб аят).

**48. Дица гьаб ракьги тIибитIун буго нужее гьелда тIад яшав гьабизе санагIат бугеблъун гьабун.** وَٱلۡأَرۡضَ فَرَشۡنَٰهَا فَنِعۡمَ ٱلۡمَٰهِدُونَ ﴿٤٨﴾

**Гьеб ракь тIибитIарав ва гьеб цIакъ мустахIикъаб хIалалъ гьабурав вуго Дун.** Гьеб ракьалда тIаде ругел мугIрулги, гIоралги, ралъадалги, гъветI-херги ва цогидаб кинабго жоги инсанас жиндаса мунфагIат босулеб хIалалъ бижун буго ТIадегIанав Аллагьас.

**49. Дица щибаб жоялдаса кIиго тайпа(пара) бижана. Нужеца гьелъул пикру гьабизе ва нужеда Аллагьасул ﷻ хIалкIолъи лъазе.** وَمِن كُلِّ شَيۡءٍ خَلَقۡنَا زَوۡجَيۡنِ لَعَلَّكُمۡ تَذَكَّرُونَ ﴿٤٩﴾

Нужеда лъазе гьеб кинабго кIирекъараб жо жинца бижарав БетIергьан Аллагь жив цогояв вукIин.

Кинабго жо кIирекъараб бижана абураб рагIиги Къуръаналъул мугIжизат буго. ГIелмияб цIех-рех гьабулел гIалимзабада рухI бугебги рухI гьечIебги жоялъул хал гьабураб мехалъ ва гьезул бижиялъул аваланддаги раккараб мехалъ гьеб жиб бижараб жоялъул зарраги батулеб буго жиб кIиго жоялдаса данде гьабураблъун. Загьираб хIалалъ кинабго жо кIирекъараб букIин лъалеб буго гIемерисеб махлукъ: Бихьинаб, цIуяб, хъахIаб-чIегIераб, сордо-къо, хинаб-цIорораб, биччараб-бакъвараб, гьуинаб-кьогIаб ва цогиги гIемерал сифатал руго цояб-цояолъе данделъун, к1иябго сипат цох1о жоялъул бук1ин лъалеб.

**50. Нуж кинабго купру-ширкалдаса лъутун, Аллагь ﷻ цо гьавиялда, гьесул цIоб-рахIматалда русса, я гьал гIадамал!** فَفِرُّوٓاْ إِلَى ٱللَّهِۖ إِنِّي لَكُم مِّنۡهُ نَذِيرٞ مُّبِينٞ ﴿٥٠﴾

**Х1акълъунго дун вуго гьев Аллагьасул ﷻ рахъалъан нужее жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев, алжаналъул нигIматаздалъун рохелги бицулев, гьесул хIакъав расул.** Дун расул вукIин баянав вуго, гьелда тIоритIел гьабулел мугIжизаталги руго.

**51. Нужеца гьев Аллагьгун ﷻ цадахъ жиндие лагълъи гьабизе цоги алагьги ккоге.** وَلَا تَجۡعَلُواْ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَۖ إِنِّي لَكُم مِّنۡهُ نَذِيرٞ مُّبِينٞ ﴿٥١﴾

Хъанчал ругониги, гIадамал ругониги, малаикзаби ругониги. **Х1акълъунго гьедин нужеца Аллагьасдехун ширк гьабуни нужее букIунеб гучаб гIазабалдалъун хIинкъи кьолев расул вуго дун, дир рисалат баянав.**

**52. Гьаб Дир къавмалъ мун гьереси гьавурав гIадинго МухIаммад ﷺ, цересел умматаздаги цониги расул** كَذَٰلِكَ مَآ أَتَى ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا قَالُواْ سَاحِرٌ أَوۡ مَجۡنُونٌ ﴿٥٢﴾

**вачIинчIо гьел умматаз жив сахIир вуго,**
**яги г1абдал вуго абун гурони, ва живги гьереси гьавун гурони.**

**53. Гьал умматаз цояз цогидазда васият гьабунишха бугеб нужеца аварагзаби** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьаре абун?** أَتَوَاصَوۡاْ بِهِۦۚ بَلۡ هُمۡ قَوۡمٞ طَاغُونَ ۝٥٣

ГьабичIо гьез цоцаде васият. Жидерго ахIмакълъиялъ ва къосиналъ рачана гьел гьеб рагIи абиялда. **Гьел руго къосиналъул рахъалъан гIорхъолъан арал гIадамал.**

**54. Мун гьеб къавмалдаса вусса.** فَتَوَلَّ عَنۡهُمۡ فَمَآ أَنتَ بِمَلُومٖ ۝٥٤

Гьезда хIал гьабун иман лъезабизе абун лъугьунге мун. Дуца гьезда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рисалат щвезе гьабун буго. **Гьанже гьез иман лъечIо абун дуда щибго гIайиб букIунаро.**

**55. Дуца умматалъе гьабулеб вагIза насихIатги гьоркьоса къотIизе тоге! ХIакълъунго Аллагьасда иман лъурал гIадамазул ракIазе гьеб вагIза насихIаталъ пайда гьабула.** وَذَكِّرۡ فَإِنَّ ٱلذِّكۡرَىٰ تَنفَعُ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ۝٥٥ Гьаб вагIза насихIат муъминзабаца цоцазеги гьабизе ккола. Жинца вагIза гьабулесе гьелъул мунфагIат щвелеблъи хIакъаб жо буго: Гьесие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан ажро букIине бугелъул. ИншаАллагьу жиндие вагIза гьабурасеги щвела мунфагIат, гьев чи муъминчи вугони.

Гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амро тIубан дицаги насихIат гьабулеб буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кидаго ракIалда чIезе гьаве абун. Кинабго хIалалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ мунгун цадахъ вукIин дуда лъараб мехалъ мун гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъизе хIинкъула. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цадахъ вуго абураб рагIиялъул магIна буго: Гьесда нилъеца гьабулеб кинабго гIамал лъалеб букIин. Нилъер рекIелъ ругел пикрабиги лъалел рукIин. Гьаб хIалалъ БетIергьан Аллагь нилъеда тIад валагьун вукIин лъараб мехалъ, гьесдаса нечоларев ва хIинкъуларев муъминчи вукIуларо!.

**56. Дица киналго женал ва гIадамал рижинчIо жидеца дие лагълъи гьабизелъун гурони.** وَمَا خَلَقۡتُ ٱلۡجِنَّ وَٱلۡإِنسَ إِلَّا لِيَعۡبُدُونِ ۝٥٦

Жидеда Дун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин лъазе, Дун цогояв вукIин, Дица жал рижарав, Дица хьихьулев, Дица хвезеги гьарулев вукIин лъазе. Ахираталда тIаде рахъизе гьарун жидер хIиссаб-мизан гьабулев ва жидее жазаъ гьабулев хан цахIо Дун вукIин лъазе. Гьаб хIалалъ жидеда Дун лъараб мехалъ жидеца кинабго заман Дун разилъи тIалаб гьабун, Дие гIибадат гьабун ине гьабизе ккела.

**57. Дие гьездаса кинабгIаги ризкъиги бокьун гьечIо.** مَآ أُرِيدُ مِنۡهُم مِّن رِّزۡقٖ وَمَآ أُرِيدُ أَن يُطۡعِمُونِ ٥٧

**Яги гьез Дие квен-тIех кьеялда хIажатавги гьечIо.**

**58. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жинца кинабниги рухI бугеб жоялъе ризкъи кьолев Разикъ.** إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلرَّزَّاقُ ذُو ٱلۡقُوَّةِ ٱلۡمَتِينُ ٥٨

**Жиндир къуват гуч бергьаравги вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **.** Жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго махлукъ жинда хIажатаблъун бугев вуго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисул къудсиялъулъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: *«Я Адамил лъимер! Дуца кинабго заман Дие гIибадат гьабиялъе кье! Дица дур керен бечелъиялъул цIезе гьабила. Дуца гьедин гьабичIони Дица дур керен (ургъелазул) цIезе гьабила ва кидаго дур пакъирлъиги Дица тIаса ине гьабиларо!»*-абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

<u>ХIадисул къудси абула:</u> аврагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абунин бицулеб х1адисалда. Ай Аллагьас аварагасда маг1на вах1ю гьабураб цинги аварагас гьеб жиндирго лафзалдалъун бицараб. Къуръаналдаги гьелдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи. Къуръан буго: лафзги маг1наги Аллагьасдасан бугеб. Х1адисул къудси буго: лафз аврагасул маг1на Аллагьасдасан бугеб.

**59. ХIакълъунго жидеца гьав МухIаммад авараг** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьереси гьавун жидерго нафсазе зулму гьабурал гIадамазе цересел умматазул капурзабазе букIараб гIадаб гIазаб букIине буго.** فَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُواْ ذَنُوبٗا مِّثۡلَ ذَنُوبِ أَصۡحَٰبِهِمۡ فَلَا يَسۡتَعۡجِلُونِ ٥٩

**Гьел гIадамаз Дир гIазаб хехго бачIин тIалаб гьабуге абе!** Гьез тIалаб гьабуниги, гьабичIониги жиндие хIукму гьабураб мех щведалго гьезда гьеб гIазаб щвезе буго!

**60. ЦIакъ кIудияб къварилъи-балагь букIине бугоха гьел капурал гIадамазе жидее гIазаб гьабизе къотIи гьабураб къиямасеб къо тIаде щвараб мехалъ!** فَوَيۡلٞ لِّلَّذِينَ كَفَرُواْ مِن يَوۡمِهِمُ ٱلَّذِي يُوعَدُونَ ٦٠

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ гьеб къоялъул гIазабалдаса цIунаги, гьеб гIазаб тIад гьабулеб гIамал гьабиялдасаги цIунаги. Амин.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Зза́рияталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 52. Сурату ТӀур

سُورَةُ الطُّورِ

*Сураталъ бицен гьабулеб аслияб масъала буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритӀухъ гьари ва ахираталда тӀаде рахъизе гьарун щивасул гӀамалалда рекъараб жазаъ гьабизе букӀин.*

*Сурат бай бихьудасаго ахираталъул хӀинкъи-къварилъиялъул бицен гьабулеб буго. ТӀадегӀанав Аллагьас гьа гьедун баян гьабулеб буго гьеб къоялъ капурзабада букӀунеб къварилъи ва гьезул букӀунеб хӀинкъараб ва гӀодорегӀанаб хӀал. Хадуб Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хӀинкъарал муъминзабазе алжаналда жаниб букӀунеб лъикӀлъи ва берцинаб хӀал, гьезие рукӀунел нигӀматал баян гьарун руго.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀаммад аварагхирияв расул вукӀин бицун, гьесда амро гьабулеб буго жинда капурзабаца бицунеб жоялъул кӀвар гьабичӀого жинда тӀад къараб рисалат тӀубазе гьабе абун. Мушриказ рицунел батӀулал харбал хвезе гьарун, МухӀаммад аварагасул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рисалат хӀакъаб букӀин тасдикъ гьабулеб буго. Хъанчазе лагълъи гьабулел гӀадамазда бадиб чӀвай гьабун гьезул хӀалхъублъи ва инкар цӀакъ гучаб букӀинги бицун буго.*

*Гьаб сураталда цӀар тун буго «ТӀур мегӀералъул сурат»-абун. Гьеб хирияб тӀур мегӀер буго жинда тӀад Муса аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кӀалъараб ва гьелдалъун жиндие хиралъиги, баракатги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нуралги щвараб. Гьеб мегӀералдалъун гьедун кӀалъалев вуго ТӀадегӀанав Аллагь гьаб сурат бай бихьараб бакӀалда.*

**Жив гурхӀулев, гурхӀел гӀамав Аллагьасул цӀаралдалъун.**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

وَالطُّورِ ﴿١﴾ وَكِتَابٍ مَّسْطُورٍ ﴿٢﴾ فِي رَقٍّ مَّنشُورٍ ﴿٣﴾

**1.2.3. ТӀадегӀанав Аллагь гьедулев вуго: ТӀур мегӀералдалъун, жиб хирияб Къуръаналдалъун, жиб тӀерен гьабураб тӀомалде тӀад хъван жиб цӀалулеб кинабго зодиса рештӀине гьабураб тӀехьалдалъун.**

وَالْبَيْتِ الْمَعْمُورِ ﴿٤﴾

**4. Зобалазда жиб бугеб, жинда тӀад малаикзабаца тӀаваф гьабулеб Байтул-магӀмуралдалъун.**

Гьеб Байтул-магӀмур зобалазул агьлуялъе ракьалда бугеб агьлуялъе КагӀба рукъалда релълъун буго. Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГӀаббасица абуна: Гьаб Байтул-магӀмур анкьабилеб зодоб буго

КагIба рукъалда данде битIун. Щибаб къоялъ гьенир жанир лъугьун лъабкъоялда анцIазарго малаикас как бала ва гьел малаикзаби тIокIал тIадги руссунаро»-абун. Гьаб рагIиялъ баян гьабулеб буго малаикзабазул боял цIакъ гIемерал рукIин.

**5. Жиб тIаде борхараб тIохгIадин бугеб зобалаздалъунги гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** وَٱلسَّقۡفِ ٱلۡمَرۡفُوعِ ۝٥

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: «Гьаб жо гIарщ буго, алжаназул тIохлъун жиб бугеб»-абун.

**6. Къиямасеб къоялъ жинда цIа рекIун лагь-лагьун букIунеб ралъадалдалъунги гьедулев вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**:** وَٱلۡبَحۡرِ ٱلۡمَسۡجُورِ ۝٦

**7.8. «ХIакълъунго Аллагьасул гIазаб капурзабазе жиб букIин х1акъаб буго ва гьеб гIазаб нахъе чIвазе кIолеб щибго жоги букIине гьечIо»-абун.** إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ لَوَٰقِعٞ ۝٧ مَّا لَهُۥ مِن دَافِعٖ ۝٨

**9. Гьеб къиямасеб къо буго жидер бакIалдаса рагъарун зобалги унеб.** يَوۡمَ تَمُورُ ٱلسَّمَآءُ مَوۡرٗا ۝٩

**10. Ракьалда тIад гьарщун мугIрулги тIагIунеб, хIур гIадин лъугьун кинабго ракьул гьумер битIулеб къо буго гьеб.** وَتَسِيرُ ٱلۡجِبَالُ سَيۡرٗا ۝١٠

Гьеб къо буго дунялалъул чIаголъи паналъун, пасалъун унеб ва абадияб ахираталъул чIаголъи гIуцIизе бай бихьулеб.

**11. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIуна жидеца гьеб ахират гьереси гьабулел рукIарал капурзабазе.** فَوَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ۝١١

**12. Дунялаллъул рукъор жиб батIулаб, гьересияб жо бицулел рукIарал ва жидеда гьаб ахираталъул щибго ургъелги букIинчIел.** ٱلَّذِينَ هُمۡ فِي خَوۡضٖ يَلۡعَبُونَ ۝١٢

**13. Гьеб къо буго капурзаби жужахIалъул цIадаре ахIулеб къо ва гьел кутакалда тунка-гIусун гьенир жанирги лъугьизе гьарулеб.** يَوۡمَ يُدَعُّونَ إِلَىٰ نَارِ جَهَنَّمَ دَعًّا ۝١٣

ЖужахIалъул малаикзабаца гьел капурзабазул кверал горбоде рухьула маххул рахсаздалъун, цинги хIатIалги нодоги цоцаде цузе гьабунги рухьула, гьеб хIалалъ рехъерхъун жужахIалда жанир рехула. Гьенире жанир рехун хадуб жидеда абула:

**14. «Гьале гьаб цIа буго нужеца дунялалда ругеб мехалъ жиб гьереси** هَٰذِهِ ٱلنَّارُ ٱلَّتِي كُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ۝١٤

**гьабулеб букIараб!**

**15. Гьаб жоги сихIройишха бугеб? Яги нуж жакъаги нужеда щибго жо бихьуларел беццал гIадамалищ ругел?»-абун.**
أَفَسِحۡرٌ هَٰذَآ أَمۡ أَنتُمۡ لَا تُبۡصِرُونَ ١٥

Дунялалда гьез Къуръан сихIро буго абулеб букIиндал ва гьезда хIакъаб жоги бихьулеб букIинчIелъул, гьезда бадиб чIвай гьабун гьабулеб калам буго гьаб.

**16. Нуж гьаб жужахIалда жанире лъугьа! Бокьани гьаб гIазаб хIехьон саброги гьабун рукIа нуж, бокьани сабро гьабичIого ахIдолел чIва-чIвадулел рукIа! Нуж даимго рукIинелъун гьенир жанир лъугьизе гьарурал руго ва нужеца щиб гIамал гьабуниги гьанже гьеб нужеда тIаса ине гьечIо.**
ٱصۡلَوۡهَا فَٱصۡبِرُوٓاْ أَوۡ لَا تَصۡبِرُواْ سَوَآءٌ عَلَيۡكُمۡۖ إِنَّمَا تُجۡزَوۡنَ مَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ١٦

**Х1акълъунго гьаб жазаъги нужее буго нужеца дунялалда гьабураб гIамалалда данде бугеб.**

**17. Х1акълъунго АллагьасдасахIинкъарал гIадамал ахираталда нигIматазул алжаназулъ руго.**
إِنَّ ٱلۡمُتَّقِينَ فِي جَنَّٰتٖ وَنَعِيمٖ ١٧

**18. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее кьурал нигIматаздаса лазат босулел руго. Гьел гIадамал руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жал жужахIалъул гIазабалдаса цIунарал.**
فَٰكِهِينَ بِمَآ ءَاتَىٰهُمۡ رَبُّهُمۡ وَوَقَىٰهُمۡ رَبُّهُمۡ عَذَابَ ٱلۡجَحِيمِ ١٨

**19. Гьел алжаналда жанир ругел гIадамаздехун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан абула: «Нужеца гьал нигIматал кванае, гьал лазатал гьекъолел жалги гьекъе.**
كُلُواْ وَٱشۡرَبُواْ هَنِيٓـَٔۢا بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ١٩

**Гьеб буго нужеца дунялалда ругеб мехалъ иман лъун, лъикIаб гIамал гьабиялда данде нужее бугеб жазаъ»-абун.**

**20. Жал мухъазда лъурал тахазда тIад хьибил чIван рукIула гьел муъминзаби.** Цоцаде бадире балагьун, цоцада разилъун.
مُتَّكِـِٔينَ عَلَىٰ سُرُرٖ مَّصۡفُوفَةٖۖ وَزَوَّجۡنَٰهُم بِحُورٍ عِينٖ ٢٠

**Дица гьезие руччабилъун хIурулгIинзабиги кьола.**

**21. Жидеца иман лъурал гIадамал, цинги гьезул лъимал хъизаназги иман лъурал дица гьел умумузда нахъ регIизе гьарула гьезул лъималги.** Гьел цоцаде
وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَٱتَّبَعَتۡهُمۡ ذُرِّيَّتُهُم بِإِيمَٰنٍ أَلۡحَقۡنَا بِهِمۡ ذُرِّيَّتَهُمۡ وَمَآ أَلَتۡنَٰهُم مِّنۡ عَمَلِهِم مِّن شَيۡءٖۚ كُلُّ ٱمۡرِيِٕۭ بِمَا كَسَبَ رَهِينٞ ٢١

ракI гъун рукIине.

Гъезул даража-макъам цо гьечIониги ТIадегIанав Аллагьас жиндир цIоб рахIматалдалъун даража тIадегIаназда аскIор гьарула гьезул гIагарал гIадамал. **Дол даража тIадегIан бугезул ажро кирияллдаса щибго жо мукъсанги гьабуларо.** Гьал жидер даража гIодобегIан бугеб гьезда нахъ регIизе гьаруна абун. «**Кинавго инсан жинца гьабураб г1амалалъе гьоркьлъелалъе (залог) лъурав вуго, лъик1аб г1амал гьабуни ворч1араздаса вук1ина, квешаб гьабуни гьалаглъараздасан вук1ина»-абун.**

**22. Дица гьеб алжаналъул агьлуялъе батIи-батIияб пихъ ва гьан тIадеги цIикIине гьабула гьезие жиб бокьулеб, гьезул хьул лъолеб щибдай буго абун.** وَأَمْدَدْنَٰهُم بِفَٰكِهَةٍ وَلَحْمٍ مِّمَّا يَشْتَهُونَ ﴿٢٢﴾

Бокьараб жо кваназе рес бугеб хIалалъ ниг1матазул кинабго тайпа букIула гьезие.

**23. Махсаро-хвечI гьабун цояз цоязухъан лълъар босун гьекъолеб жо гьекъон рекIел гьей гьабулел рукIула гьел.** يَتَنَٰزَعُونَ فِيهَا كَأْسًا لَّا لَغْوٌ فِيهَا وَلَا تَأْثِيمٌ ﴿٢٣﴾

**Щибго мунагь бугеб иш, гIададисеб калам ва пиша гьеб алжаналда жаниб букIунаро.**

**24. Гьеб алжаналъул агьлуялда тIаде гьезие хъулухъ гьабизе тарал алжаналъул гьилманал (служащие) хьвадула.** ۞ وَيَطُوفُ عَلَيْهِمْ غِلْمَانٌ لَّهُمْ كَأَنَّهُمْ لُؤْلُؤٌ مَّكْنُونٌ ﴿٢٤﴾

**Гьел цIакъ берцинаб сифат сураталдаги рукIула: Жиндир лъелалда жаниб бугеб луълуъгIадин берцинал рукIула.**

**25. Гьел муъминзаби цоцадухун руссун хабар бицулел цоцаде гьикъарулелги рукIула.** وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَآءَلُونَ ﴿٢٥﴾

**26. Жидецаги абула: «Х1акълъунго ниж дунялалда нижер агьло хъизаналда аск1ор ругеб мехалъ нижеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб щвеладай абун цIакъ хIинкъун рукIунел ркIана.** قَالُوٓا۟ إِنَّا كُنَّا قَبْلُ فِىٓ أَهْلِنَا مُشْفِقِينَ ﴿٢٦﴾

**27. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда цIоб гьабуна ва гьес нилъ цIунана жиб щибаб расул къибилалда жанибги лъугьулеб квешаб гIазабалдаса.** فَمَنَّ ٱللَّهُ عَلَيْنَا وَوَقَىٰنَا عَذَابَ ٱلسَّمُومِ ﴿٢٧﴾

**28. Х1акълъунго дунялалада нижеца гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIабидат** إِنَّا كُنَّا مِن قَبْلُ نَدْعُوهُ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلْبَرُّ ٱلرَّحِيمُ ﴿٢٨﴾

**гьабулеб букIана. Гьесие хIелулелги рукIана, гьесдаса хIинкъулелги рукIана.**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб гIибадаталъе ва дугIаялъе жаваб гьабун нижее гьаб лъикIлъи гьабуна ва жужахIалдаса цIунана. **Х1акълъунго гьев Аллагь жинца гIемер лъикIлъи гьабулев вуго ва жив муъминзабада гурхIулев вуго»-абун.**

فَذَكِّرْ فَمَآ أَنتَ بِنِعْمَتِ رَبِّكَ بِكَاهِنٍ وَلَا مَجْنُونٍ ﴿٢٩﴾

**29. Дуца дур къавмалъе вагIза гьабе МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **гьаб хирияб Къуръаналдалъун. Мун гьел мушрикаца абухъин гьересичиги, жундуца ккурав чиги гьечIо.**

Мун вуго киналго аварагзабадасаги عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хирияв, гьес халкъалда дин лъазабизе витIарав гьесул расул.

أَمْ يَقُولُونَ شَاعِرٌ نَّتَرَبَّصُ بِهِۦ رَيْبَ ٱلْمَنُونِ ﴿٣٠﴾

**30. Гьел мушрикаца абулебищха бугеб мун шигIручи вугин ва ниж балагьун чIун ругин кидадай мун хун нижеда тIаса ина абун?**

Цо кинаб бугониги дунялалъул къварилъи-балагь тIаде бачIун мун хекого жидеда тIаса восилародай абун ралагьун руго гьел мушрикал, цинги жал парахат жидерго хъанчазе лагълъи гьабулел ва дунялалъул лазатал росун, Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIассилъун рукIине.

قُلْ تَرَبَّصُوا۟ فَإِنِّى مَعَكُم مِّنَ ٱلْمُتَرَبِّصِينَ ﴿٣١﴾

**31. Дуца гьезда абе МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**! Нуж балагьун рукIаха!**

**Х1акълъунго дунги вуго балагьун вугев кидадай Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж гьалаг гьарила абун.**

أَمْ تَأْمُرُهُمْ أَحْلَٰمُهُم بِهَٰذَآ ۚ أَمْ هُمْ قَوْمٌ طَاغُونَ ﴿٣٢﴾

**32. Гьел мушрикал гIакъилал гIадамал рукIун, гьезул гIакълуялъ амруйищ гьабун бугеб жидеца гьаб гьереси бице абун ва хираяв аварагасда** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **бугьтанал лъе абунги.**

ГьечIо гьеб гIакъилаб агьлу. **Гьел руго жидер къосиналъулъ ва купру-шикркалъулъ гIорхъолъан рорчIарал гIадамал.**

أَمْ يَقُولُونَ تَقَوَّلَهُۥ ۚ بَل لَّا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٣﴾

**33. Яги гьаб Къуръан МухIаммадица** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **жинцаго ургьун бицунеб жо буго абунищ гьез абулеб?**

**Гьез абухъин гьечIо гьаб амру! Гьел руго жидеца Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ **гьесул Къуръаналдаги иман лъоларел гIадамал.**

فَلْيَأْتُوا۟ بِحَدِيثٍ مِّثْلِهِۦٓ إِن كَانُوا۟ صَٰدِقِينَ ﴿٣٤﴾

**34. Гьел мушрикал жидер рагIиялъулъ ритIухъал ратани гьаб Къуръаналда релълъараб жоги гьабун рачIа абе гьел!**

Гьел цIакъ пасихIал гIарабиялги руго, гьезда гIемераб хабар бицинеги

лъалеб буго.

**35. Гьел капурзаби рижунишха ругел жал рижарав БетIергьанги гьечIого!** أَمۡ خُلِقُواْ مِنۡ غَيۡرِ شَيۡءٍ أَمۡ هُمُ ٱلۡخَٰلِقُونَ ۝٣٥
**Яги гьел жидеда щибниги жо бижизе кIолел гIадамалищ ругел?** Жалго жодоцаго рижарал ругищ гьел?.

**36. Яги жидецайищ рижун ругел гьал зобалги ракьги?** أَمۡ خَلَقُواْ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَۚ بَل لَّا يُوقِنُونَ ۝٣٦
ГьечIо гьел мушрикал жидеца щибго жо бижулел. Жалго жидецаго рижин цIакъго гIакълуялдаги, гIадаталдаги данде кколареб хIукму буго. **Гьел руго жидеца хIакъаб жо ритIухъ гьабуларел гIадамал.** Гьез иман лъолеб гьечIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялдаги. Гьел божулел гьечIо хун хаду жал тIаде рахъине гьариялдаги.

**37. Гьел капурзабада кодобищха бугеб дур БетIергьан Аллагьасул хазинабазул ихтияр.** أَمۡ عِندَهُمۡ خَزَآئِنُ رَبِّكَ أَمۡ هُمُ ٱلۡمُصَيۡطِرُونَ ۝٣٧
ЦIад бай, хур-хер бижи ва цогидалги нигIматал. Гьелдаго релълъун авараглъи лъихье кьолеблъиги гьезул ихтиялдайищ бугеб? **Яги гьел жидер къуват-гуч бергьарал ханзабийищ ругел гьаб махлукъалъул тадбир ва тасаруф жидеца гьабизе?.** ГьечIо гьезда кодоб щибниги жоялъул ихтияр ва гьезда кIоларо гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалъулъ кинабгIаги хис-бас гьабизеги!

**38. Яги гьезул жал зодире рахунеб малийищ бугеб, гьелда тIадеги рахун жал зодиса рештIине гьабулеб вахIюялда гIенеккизе?** أَمۡ لَهُمۡ سُلَّمٞ يَسۡتَمِعُونَ فِيهِۖ فَلۡيَأۡتِ مُسۡتَمِعُهُم بِسُلۡطَٰنٖ مُّبِينٍ ۝٣٨
Гьеб вахIюялдалъун жалги кIалъалел рукIине?
**Гьедин батани жидерго хIужа далил бачун рачIаха гьел!.** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вачIарав гIадин гьаб хирияб Къуръанги босун, гьезги жидерго далил бихьизе гьабеха жал ритIухъал рукIиналъе.

**39. Яги ТIадегIанав Аллагьасе ясалишха ругел нужеего васал рукIине бокьулебги букIадго?** أَمۡ لَهُ ٱلۡبَنَٰتُ وَلَكُمُ ٱلۡبَنُونَ ۝٣٩
ГьадигIанго ахIмакъаб жо бицунел гIадамаз ахират букIиналда инкар кквей гIажаибаб жо гьечIо. Гьаб махлукъалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие лъимал кколел рукIаралани васал кколарианишха, гьел васал ругелъул инсанасе рукIине бокьулел.
Маккаялъул мушрикаца малаикзаби Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ясал руго

абидалго, гьезул ахIмакълъи загьир гьабун абурб рагIи буго гьаб.

أَمْ تَسْأَلُهُمْ أَجْرًا فَهُم مِّن مَّغْرَمٍ مُّثْقَلُونَ ﴿٤٠﴾

**40. Яги дуца гьел мушриказдаса ужрамухь гьарулебищ бугеб МухIаммад ﷺ, дуца гьезухъе Аллагьасул ﷻ рисалат щвезе гьабиялде данде, гьеб ужра кьезе гьезие бакIлъун, гьел иман лъечIого чIезе.**

أَمْ عِندَهُمُ الْغَيْبُ فَهُمْ يَكْتُبُونَ ﴿٤١﴾

**41. Яги гьезда аскIоб балъгояб жоялъул гIелму-лъайищ бугеб, жидеца гьениса босун балъгояб жо хъвазе ва гьеб гIадамазда бицине.**

Гьезда ЛавхIул-махIфузалда бугеб жойищ лъалеб? Лъаларо гьезда балъгояб жо. ЛавхIул-МахIфузалда бугеб жоги цохIо БетIергьан Аллагьасда гурони лъаларо. Гьел мушрикал руго жидеца гьереси бицунел ва аварагасда ﷺ бугьтан лъолел гIадамал.

أَمْ يُرِيدُونَ كَيْدًا فَالَّذِينَ كَفَرُوا هُمُ الْمَكِيدُونَ ﴿٤٢﴾

**42. Яги гьел мушриказе бокьунищ бугеб жидеца аварагасе ﷺ макро гьабизе?**

**Гьеб макроялъул квешлъи ва гьелъул балагь ахирги гьел капурзабада бусине буго.** Гьаб аят буго Къурайшазул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг чIвазе абун «дару надват»-абулеб рокъоре ракIарун гьабун букIараб хIукмуялъул хIакъалъулъ бугеб аят. Гьезул макроялъул балагь ахирги гьезда буссине букIиналъул магIна буго гьел ахираталда жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине рукIин.

أَمْ لَهُمْ إِلَٰهٌ غَيْرُ اللَّهِ ۚ سُبْحَانَ اللَّهِ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٤٣﴾

**43. Яги гьел мушриказе ТIадегIанав Аллагь гурев цоги алагьищ вугев?**

Жинца гьел рижарав, хьихьулев.

Жинца гьел хвезе гьарулев ва ахираталда тIадеги рахъине гьарулев? ГьечIо гьезие цоги Аллагь ﷻ . **Жив ТIадегIанав ва вацIадав вуго гьев БетIергьан Аллагь мушриказ жиндехун ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел хъанчал гьесие гIахьал чагIилъун рукIиналдаса.**

وَإِن يَرَوْا كِسْفًا مِّنَ السَّمَاءِ سَاقِطًا يَقُولُوا سَحَابٌ مَّرْكُومٌ ﴿٤٤﴾

**44. Гьел мушриказда бихьани зодиса цо къотIел бортун жидеда тIаде бачIунеб, цингиги гьез абизе буго: «Гьаб буго биццатаб, лъел цIураб накIкI нилъее цIад базе бачIунеб»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде гьавун мушриказ гьесда абун букIана: «Мун авараг ватани, дуца нижее гIазаб букIине

буго абун бицулеб хабарги битIараб батани, дуца нижеда тIаде зодиса цо къотIел бортизе гьабеха!»-абун. Гьел мушриказул инкар ва хIалхъублъи гучаб букIин бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Гьел мушриказ абухъин гьезда тIаде зодисан гIазаб рештIизе гьабулеб мехалъги гьез абизе буго: «Гьаб нижее рахIматалъе бугеб накIкI буго»-абун.

**45. Дуца гьел мушрикал те МухIаммад ﷺ, жидерго ахIмакълъиялъулъ ва купруялъулъ жидер гIакъло ине гьабулеб, жиндир гIазаб гучаб къиямасеб къо щвезегIан.** فَذَرْهُمْ حَتَّىٰ يُلَٰقُوا۟ يَوْمَهُمُ ٱلَّذِى فِيهِ يُصْعَقُونَ ﴿٤٥﴾

Цинги лъазе буго гьезда жидер купру ширкалъул ахир кинабдай букIуна абун.

**46. Гьеб къо буго мушриказе жидер хIила-макроялъул щибго кумек букIунареб ва гьезие квер бакъулев чиги вукIунареб.** يَوْمَ لَا يُغْنِى عَنْهُمْ كَيْدُهُمْ شَيْـًٔا وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿٤٦﴾

**47. Х1акълъунго жидеца купру-ширкалдалъун зулму гьабулел гIадамазе ахираталда щвелелдего (дунялалдаго) гIазаб гьабизе буго:** وَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ عَذَابًا دُونَ ذَٰلِكَ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٤٧﴾

Ракъи-къечI, унти къварилъи тIаде биччан, муъминзабаца гъазаватал гьарун жал чIван ва асир гьарун. Жал хвараб мехалъ хобалъубги гIазаб гьабизе буго гьезие. **Ва кинниги гьел капурал гIадамазул гIемерисел жидеда гьаб хIукму гьадин букIин лъаларел, гьеб бичIуларел ва гьелда божуларел руго.**

**48. Дуца сабро гьабе МухIаммад ﷺ дур БетIергьан Аллагьасул хIукмуялда:** وَٱصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ فَإِنَّكَ بِأَعْيُنِنَا ۖ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ حِينَ تَقُومُ ﴿٤٨﴾

Дуда тIад къараб рисалат баччиялда, гьеб умматалъухъе щвезабиялда ва гьеб сабаблъун дуде щолеб къварилъиялда сабро гьабе! **ХIакълъунго мун вуго Дида вихьулев, Дица цIунулев, Дица дуе квер бакъи гьабулев. Дуца дур бетIергьан Аллагьасе тасбихIги гьабе гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIодо гьавигун ва гьесие рецц гьабигун цадахъ: мун кьижун вукIун тIаде вахъараб мехалъ, цо мажлисалдаса тIаде вахъараб мехалъги, Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ цdevе чIун гьесие как балеб мехалъги.** «СубхIаналлагьи ва бихIамдигьи» абураб рагIи аби буго гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру тIубайлъун букIунеб бищунго къокъаб рагIи.

**49. Сардилъ тIаде вахъунги дуца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тасбихI-суждаби гьарун гIибадат гьабе.** وَمِنَ ٱلَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَإِدْبَٰرَ ٱلنُّجُومِ ﴿٤٩﴾

Гьесда дугIа ва хIелиги гьабе. Гьеб буго бищунго гIадамал Аллагьасдаса ﷻ гьапулго рукIунеб гIуж, гьеб гIужалъ Аллагь ﷻ рехсолев чи Аллагьасе ﷻ вокьулев вукIин щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб амро буго. **Зодиса цIваби тIагIулеб гIужалъги рехсе дуца Аллагь ﷻ.** Гьаб буго рогьалил какда ццебе балеб кIиго ракагIат. Гьеб цIакъ хирияб суннатаб как буго. Гьелъул хIакъалъулъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абун буго: *«Рогьалида балеб кIиго ракагIат хирияб буго гьаб дунялалдасаги ва гьелда тIад бугеб кинабго жоялдасаги»*-абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Аллагьас ﷻ тавфикъ гьабеги лъикIаб гIамал гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату ТIуралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе ﷻ буго.

## 53. Сурату Ннажм

سُورَةُ النَّجْمِ

*Маккаялда жиб award рештIине гьабураб, жинда жаниб лъабкъоялда кIиго аят бугеб.*

*Гьаб суратги Маккаялда жиб рештIине гьабураб бугелъул гьалда жаниб аслияб хIалалъ исламалъул аслабазул бицен гьабун буго. Сурат бай бихьуда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда жиб хасаб мигIражалъул бицен гьабун буго. Гьеб мигIражалда аварагасда ﷺ рихьарал гIажаибал умурал рицун гьезда иман лъезе тIадаб букIин ва жидеда лъалареб, жидедаса рикIкIадаб жо бицун дагIба къец гьаби лъикIаб иш гьечIеблъиялда кантIизе гьарулел руго.*

*Хадуб хъанчазе ва гIадамазе алагьзабилъун ккурал батIулал, гьересиял жалазе лагълъи гьабиялъул бицун буго. Ахираталда щивав инсанасе жиндир гIамалада рекъараб жазаъ гьабизе букIинги баян гьабун буго. Гьеб жазаъ гьабиги цIакъ гIадилаб букIин, цо нафсалъул мунагьал цоги нафсалда раччине гьарун гутIиги бицун буго.*

*ТIадегIанав Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабизе цо-цо гIаламаталги рицун руго: инсан манидал къатIраялдаса вижи гIадаб. ГIадамазда гьоркьоб ризкъи киназего бащад бикьун гутIи бицун, гьелъул хIикматги баян гьабун буго. Цересел къосарал умматазда щварал цо-цо гIазабалги рехсон руго. ГIадилал, Самудиял, НухIил къавм. Гьаб гIазаб ва гьалаг гьари рехсейги Маккаялъул мушриказе вагIза гьаби буго: Гьез иман лъечIони ва аварагасе ﷺ къварилъи гьабиги течIони, гьездаги щвезе бегьула абун гьадинабго гIазаб.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

وَالنَّجْمِ إِذَا هَوَىٰ ﴿١﴾

**1. Жиб гIодобе бортараб цIваялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

Гьаб цIва гIодобе бортиялъе магIна гьабун гIалимзабаца гIемер батIияб рагIи бицана: ЩайтIабазда хадуб речIулеб цIадул сунтур буго гьеб абуна гьел щайтIаби зодоре рахиялдаса нахъе чIван. Къиямасеб къоялъ цIваби рорти буго абуна цоги гIалимзабаца. Рогьалил цIва тIерхьун ин буго абуна цогидаз.

Ибну Касирица гьаб бакIалда абуна: Гьаб кинабго махлукъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ мулк бугелъул гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир махлукъалдаса жиндие бокьараб жоялдалъун гьедула. Амма инсанасе, бегьуларо жиндир

халикълъун вугев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIаралдалъун гурони гьедизе абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асх1абасдасан бицараб х1адисалда буго, Аллагьасул свалат салам лъеяв авраrас абунин: *«Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *тун цогидаб жоялдалъун гьедарав чи яги капурлъулин яги ширкалда кколин»* – абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

ТIадегIанав Аллагьасул гьедиялъул жаваб буго:

مَا ضَلَّ صَاحِبُكُمْ وَمَا غَوَىٰ ﴿٢﴾ **2. Нужеда витIарав авараг жив къосарав гьечIо ва мекъи ккаравги гьечIо.**

وَمَا يَنطِقُ عَنِ الْهَوَىٰ ﴿٣﴾ **3. Гьев МухIаммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **кIалъалев гьечIо жиндаго ракIалда караб ва жиндие бокьараб жо бицун.**

إِنْ هُوَ إِلَّا وَحْيٌ يُوحَىٰ ﴿٤﴾ **4. Гьев МухIаммад аварагас** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **бицулеб жо гьечIо Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьесда вахIю гьабураб жо гурони.**

عَلَّمَهُ شَدِيدُ الْقُوَىٰ ﴿٥﴾ **5. Аварагасда** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гьеб вахIю лъазе гьабуна жив къуватав Жабраил малаикас.**

ذُو مِرَّةٍ فَاسْتَوَىٰ ﴿٦﴾ وَهُوَ بِالْأُفُقِ الْأَعْلَىٰ ﴿٧﴾ **6.7. Жиндир гIакъло лебалав, черх къуватав. Гьев Жабраил малаик жиндир хIакъикъияб сураталда зобалазул борхалъиялда вуго.** Бакъ баккулеб рахъалда.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: Гьев Жабраил малаик Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вачIунев вукIана инсанасул сураталда. Гьедин гьев цересел аварагзабахъги عَلَيْهِمُ السَّلَامُ вачIунев вукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Жабраиласда гьарана жиндир хIакъикъияб сурат бихьизе гьабе жинда абун. Аварагасда صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Жабраил кIиго нухалъ вихьана жиндирго сураталда. Цо нух букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ХIираъ нохъоялда вугеб. Гьеб нохъоялъул бакъ баккул рахълдаса Жабраилас жив загьир гьавураб мехалъ, гьесул куркьби рагьун кинабго бакъбаккул рахъ гьез цIезе гьабуна ва авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ лъавудаса ун гIодове ккана. Цингиги Жабраил малаик инсанасул сураталде гьесухъе вачIун, гьесул гьумералдаса ракь-хIур нахъе ине гьабулев вукIана ва жинца гьев жиндир каранде къан гьев лъавуде вачIине гьавулев вукIана. Гьаб магIна буго ТIадегIанав Аллагьас гьаб хадуб бугеб микьабилеб аяталда жаниб абураб рагIиялъул.

ثُمَّ دَنَا فَتَدَلَّىٰ ﴿٨﴾ **8. Цинги гьев Жабраил МухIаммад аварагасда** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гIагарлъана ва лъикIаланго гьесда гIагарлъана.**

КІиабилеб нухалъ МухІаммад аварагасда ﷺ Жабраил жиндир сураталда вихьана МигІражалъул сордоялъ зобалазда вахараб мехалъ «сидратул мунтагьа»-абулеб бакІалда аскІов. Гьев Жабраил цоги щивго чиясда вихьичІо гьедин жиндир хІакъикъияб сипаталда.

**9. Аллагьасул салам лъеяв Жабраилги хирияв МухІаммад аварагги ﷺ цоцаде гІагарда рукІана чІор бутІалъул кІиябго рагІал цоцаде гІагарде бугеб гІадин.** فَكَانَ قَابَ قَوْسَيْنِ أَوْ أَدْنَىٰ ﴿٩﴾

Гьеб чІорбутІалъул кІиябго рагІал цоцадехун балагьун букІуна. Ва гьеб кІиябго рагІал цохІо бутІалъул букІуна. **Жегиги гІагрда вукІана гьев кІиявго**. Гьаб буго мисал бачун абулеб рагІи ва гьаб буго цІакъ гІакъилаб магІна гъваридаб мисал. Гьев КІиявго цохІо жолъун рукІана абизе бегьулеб магІна буго гьаб.

**10. Цинги ТІадегІанав Аллагьас гьев Жабраил гьоркьов ккун жиндир лагъасда (МухІаммадида ﷺ) вахІю гьабуна жинца вахІю гьабураб динияб амру.** فَأَوْحَىٰٓ إِلَىٰ عَبْدِهِۦ مَآ أَوْحَىٰ ﴿١٠﴾

**11. Гьев аварагасул ракІалъ гьересиги гьабичІо жиндир беразда бихьараб сурат.** مَا كَذَبَ ٱلْفُؤَادُ مَا رَأَىٰٓ ﴿١١﴾

Гьев божана жиндие загьирлъараб сурат Жабраил малаикасул букІиналда.

**12. Нужеца гьев МухІаммадида ﷺ дагІба-къецишха гьабулеб бугеб, я гьал Къурайшиял, гьесда мигІражалда бихьраб жоялда ва гьев мигІражалда иналда божичІого?** أَفَتُمَٰرُونَهُۥ عَلَىٰ مَا يَرَىٰ ﴿١٢﴾

Къурайшияз инкар кколеб букІана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг цо сордоялда жанив Маккаялдаса Байтул Мукъадасалъул масжидалдаги щун, гьениса зодовеги вахун тІаде вуссун вачІана абураб жоялда. Гьев гІадаллъун вуго абунцин кІалъана Къурайшиял. Цинги Къурайшазул тІалабалда рекъон Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие байтІул МукІакъадаслъул масжидалъул сипатал рицана.

**13. ХІакълъунго аварагасда ﷺ Жабраил цоги нухалъ вихьана.** وَلَقَدْ رَءَاهُ نَزْلَةً أُخْرَىٰ ﴿١٣﴾

**14. «Сидратул Мунтагьа»-абулеб бакІалда аскІов жив вугеб мехалъ.** عِندَ سِدْرَةِ ٱلْمُنتَهَىٰ ﴿١٤﴾

Тафсиралъул гІалимзабаца абуна: «Сидратул Мунтагьа» буго жиндаса тІадехун малаикзабиги унареб, гьениса тІадехун бугеб жо цохІо

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гурони лъалареб анкьабилеб зобалазда бугеб бакI. Сидрат абулеб жо гъветI буго (лотос).

**15. Гьеб сидратул Мунтагьаялда аскIобго «Жаннатул маъва»-абун жинда цIар бугеб алжан буго.** عِندَهَا جَنَّةُ ٱلۡمَأۡوَىٰٓ ١٥

Малаикзаби жинда жанир руссунеб ва шагьидзабазул рухIалги жанир руссунеб.

**16. МухIаммад аварагасда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьеб сидратги бихьана жинда тIаде Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нур рештIун гьеб нуралъ жиб гвангъун.** إِذۡ يَغۡشَى ٱلسِّدۡرَةَ مَا يَغۡشَىٰ ١٦

Гьеб сидраталде тIаде хIанчIигIадин сверулел малаикзабиги рукIана жидеца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тасбихI гьабулел. Гьеб сидраталъул берцинлъиялъе сифат гьабизе инсанасдаги кIоларо.

17. Гьеб тIадегIанаб макъамалда вугеб мехалъ **МухIаммад аварагасул** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **бер гьеб сидраталдаса цогидаб рахъалда буссичIо ва гьев щибго хIал хисичIого жинде тIаде бачIулеб амруялда валагьун чIана.** مَا زَاغَ ٱلۡبَصَرُ وَمَا طَغَىٰ ١٧

**18. Х1акълъунго МухIаммадида** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьеб мигIражалъул сордоялъ жиндир БетIергьан Аллагьасул кIудиял гIаламатал рихьана.** لَقَدۡ رَأَىٰ مِنۡ ءَايَٰتِ رَبِّهِ ٱلۡكُبۡرَىٰٓ ١٨

Сидратул Мунтагьа бихьана, байтул МагIмур бихьана, Алжан ва жужахI бихьана. Алжаналъул «раф-раф» абулеб цIакъ берцинаб тах бихьана. Жабраил малаик вихьана жиндир аслияб сифаталда. Гьал руго кIудиял гIаламатал. Цоги гIемерал гIаламатал руго мигIаражалъул сордоялъ хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ рихьарал. Цоцо гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда ТIадегIанав Аллагьги вихьана абун. Гьаб рагIи буго жиндие мухIканаб далил гьечIеб рагIи.

**19.20. Нужеца Дида бице я гьал Къурайшиял, нужер алагьзабазул хIакъалъулъ: Лат, ГIуза, Манат абун нужеца жидеда цIар тарал.** أَفَرَءَيۡتُمُ ٱللَّٰتَ وَٱلۡعُزَّىٰ ١٩ وَمَنَوٰةَ ٱلثَّالِثَةَ ٱلۡأُخۡرَىٰٓ ٢٠

Гьезие бугишха ТIадегIанав Аллагьасе бугеб г1адаб къуват-гуч. Гьез щибниги жо бижулищ?

**21. Нужеца нужее васал рукIине бокьулеб мехалъ гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **ясал руго абунищ абулеб?.** أَلَكُمُ ٱلذَّكَرُ وَلَهُ ٱلۡأُنثَىٰ ٢١

**22. Гьеб нужер бикьи цIакъ мекъаб бикьи буго:** تِلۡكَ إِذٗا قِسۡمَةٞ ضِيزَىٰٓ ٢٢

Нужеца зулму гьабулеб буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ ясал

руго абураб рагIиялдалъун.

إِنۡ هِيَ إِلَّآ أَسۡمَآءٞ سَمَّيۡتُمُوهَآ أَنتُمۡ وَءَابَآؤُكُم مَّآ أَنزَلَ ٱللَّهُ بِهَا مِن سُلۡطَٰنٍۚ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّ وَمَا تَهۡوَى ٱلۡأَنفُسُۖ وَلَقَدۡ جَآءَهُم مِّن رَّبِّهِمُ ٱلۡهُدَىٰٓ ٢٣

**23. Гьел алагьзаби руго абун нужеца абулел жал гьечIо нужеца ва нужер умумуз жидеда цIарал лъурал хъанчал гурони. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ щибго хIужа рештIине гьабичIо нужеца бицараб рагIи битIараб букIиналъе. Нуж нахърилълъун руго нужеего ракIалда ккараб жоялда ва нужер нафсазе бокьараб жоялда. ХIакълъунго нужехъе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан хIакъаб хIужаги бачIун букIадго.**

Аллагьассул свалат салам лъеяв МухIаммад аварг вачIана гьаб хирияб Къуръанги босун. Нуж гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъезеги чIухIун, гьаб Къуръаналда нахърилълъизеги чIухIун, хирияв МухIаммад аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьереси гьавун, квешаб гIамал кIодолъи гьабун чIана.

أَمۡ لِلۡإِنسَٰنِ مَا تَمَنَّىٰ ٢٤

**24. Щивав инсанасе жиндир нафсалъе бокьарабщинаб жо букIунишха?**

Гьел мушриказе хъанчаз ва батIулал алагьзабаз жидее шафагIат ва квер бакъи гьабизе бокьиялъе гIоло гьезие гьеб букIунаро.

فَلِلَّهِ ٱلۡأٓخِرَةُ وَٱلۡأُولَىٰ ٢٥

**25. ЦохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго гьаб дунялалъулги хадуб ахираталъуги ханлъи ва ихтияр.**

Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьола жиндие бокьарав чиясе гьесие бокьараб жо. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бокьарав чи щибго кьечIогоги тола. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ахират кьола жиндие бокьараб жоги тун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьараб жо гьабун хьвадарал муъминзабазе.

۞وَكَم مِّن مَّلَكٖ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ لَا تُغۡنِي شَفَٰعَتُهُمۡ شَيۡـًٔا إِلَّا مِنۢ بَعۡدِ أَن يَأۡذَنَ ٱللَّهُ لِمَن يَشَآءُ وَيَرۡضَىٰٓ ٢٦

**26. ТIадегIанав аллагьасе жал хириял малаикзаби зобалазда гIемерал руго гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ изно кьун хадуб гурони жидер шафагIаталъ цониги чиясе мунпагIат гьабуларел. Гьеб изноги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие бокьарав ва жив разияв чиясе шапагIат гьабизе гурого кьоларо.**

Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хириял, жидер гIибадат даимал малаикзабаздаги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ изнуялдалъун гурони шафагIат гьабизе кIолареб мехалъ, гьал хIакъирал хъанчаз кин шафагIат гьабулеб?!

إِنَّ ٱلَّذِينَ لَا يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡأٓخِرَةِ لَيُسَمُّونَ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةَ تَسۡمِيَةَ ٱلۡأُنثَىٰ ٢٧

**27. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва ахираталда иман лъоларел гIадамаз гьел малаикзабаде цIарал лъолел руго гьел ясал**

**руго абун.**

وَمَا لَهُم بِهِۦ مِنْ عِلْمٍۖ إِن يَتَّبِعُونَ إِلَّا ٱلظَّنَّۖ وَإِنَّ ٱلظَّنَّ لَا يُغْنِى مِنَ ٱلْحَقِّ شَيْـًٔا ﴿٢٨﴾

**28. Гьеб жо бицунел рукIин гурони гьезул щибго гIелмуги гьечIо. Жидеего ракIалда ккараб жо бицун, гьелда нахърилълун руго гьел мушрикал.**

**Ва амма гьеб ракIалда ккараб жоялъ щибго мунпагIат гьабуларо хIакъаб жоялда аскIоб жиб лъураб мехалъ.** Гьеб хIакъаб жо чIолеб бакIалдаги чIоларо. РакIалда ккараб жоялда рекъон хIукму гьабуларо.

فَأَعْرِضْ عَن مَّن تَوَلَّىٰ عَن ذِكْرِنَا وَلَمْ يُرِدْ إِلَّا ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا ﴿٢٩﴾

**29. Мун вусса МухIаммад ﷺ, жидеца гьаб дир Къуръаналъул вагIза босуларел гIадамаздаса, жидее цохIо гьаб дунялалъул чIаголъи гурони бокьунги гьечIел.**

Жидеца Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман лъеялдаса инкар гьабурал гIадамал дуца те! Дуда тIадаб гьечIо гьезда иман лъезабизе.

ذَٰلِكَ مَبْلَغُهُم مِّنَ ٱلْعِلْمِۚ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَن ضَلَّ عَن سَبِيلِهِۦ وَهُوَ أَعْلَمُ بِمَنِ ٱهْتَدَىٰ ﴿٣٠﴾

**30. Гьаб дунял ахираталдаса тIаса бищи буго гьезул гIелмулъай щвараб бакI. Гьезда жаниб цоги гIелму лъугьунаро. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго жиндир нухалдаса къосарав чи щив вугев. Гьединго Аллагьасда ﷻ лъала жив битIараб диналда тIовитIаравлъун щив чи вугебги.**

وَلِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ لِيَجْزِىَ ٱلَّذِينَ أَسَٰٓـُٔوا۟ بِمَا عَمِلُوا۟ وَيَجْزِىَ ٱلَّذِينَ أَحْسَنُوا۟ بِٱلْحُسْنَى ﴿٣١﴾

**31. Гьев Аллагьасул ﷻ мулк буго гьал зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб кинабго махлукъ. Гьев Аллагьас ﷻ жазаъ гьабизе буго жидеца купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гIадамазе гьелда релъараб квешаб жазаъ.**

Гьезие жужухIалъул гIазаб букIине буго. **Жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун аварагасда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе Аллагьас ﷻ цIакъ лъикIаб жазаъ гьабизе буго.** Гьезие нигIматазул алжанал рукIине руго.

ٱلَّذِينَ يَجْتَنِبُونَ كَبَٰٓئِرَ ٱلْإِثْمِ وَٱلْفَوَٰحِشَ إِلَّا ٱللَّمَمَۚ إِنَّ رَبَّكَ وَٰسِعُ ٱلْمَغْفِرَةِۚ هُوَ أَعْلَمُ بِكُمْ إِذْ أَنشَأَكُم مِّنَ ٱلْأَرْضِ وَإِذْ أَنتُمْ أَجِنَّةٌ فِى بُطُونِ أُمَّهَٰتِكُمْۖ فَلَا تُزَكُّوٓا۟ أَنفُسَكُمْۖ هُوَ أَعْلَمُ بِمَنِ ٱتَّقَىٰٓ ﴿٣٢﴾

**32. Жидее алжанал рукIунел гIадамал руго жидеца кIудиял мунагьаздаса ва къабихIал пишабаздасаги рикIкIалъи гьабулел.** КIудиял мунагьал руго чи чIвай, Аллагьасдехун ширк гьаби, чияр боцIи кванай, гъибат-бугьтан гьаби.

КъабихӀал пишаби руго зина гьаби, ливатӀ гьаби инсул йикӀарай чӀужу ячи ва цогидалги. КъабихӀал пишаби абун гьезда абиялъе сабаб буго гьел кӀудиял мунагьал рукӀингун цадахъ инсанасул тӀабигӀаталъ жал сурукъал, инжитал пишабилъун рикӀкӀунел рукӀин. **Жидедаса цӀунизе кӀоларел гӀиссинал мунагьал гурони жидеца гьаруларел.** Гьел руго Аллагьас ﷻ жал цӀунарал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ва Аллагьасдаса ﷻ хӀинкъарал муъминзаби гурони жидедаса цӀунун хутӀуларел мунагьал: хӀарамаб бакӀалда бер балагьи гӀадаб, квер хъатӀи гӀадаб, кӀал кӀалъай гӀадаб.

Ибну ХатӀиб абулев гӀалимас кӀудияб мунагьлъун рикӀкӀана Къуръаналда жаниб жиндие жазаъ жужахӀалъул гӀазаб буго абурал киналго мунагьал. КъабихӀаб жолъун рикӀана шаргӀалъ хӀад кьаби бихьизе гьабурал мунагьал: чи чӀвай, зина гьаби, мехтулеб жо гьекъей, рогьоб бай, цӀогь гьаби гӀадал. ГӀисинал мунагьаллъун рикӀкӀана инсан сагьвиллъун, гъалатӀлъун кколел мунагьал.

**ХӀакълъунго дур БетӀергьан жиндир гурхӀел ва мунагьал рахчи гӀемерав, гӀатӀидав вуго. Гьев Аллагь ﷻ нужер киналго хӀалал жинда лъалевги вуго.** Нужер кӀудияв эмен Адам **ракьалдаса вижинелде ццебего лъалеб букӀана Аллагьасда ﷻ инсанас гьабулеб кинабго гӀамал. Гьединго Аллагьасда ﷻ лъала** Адам вижун хадубги, **нуж эбелалъул чохьонир ругеб мехалъги, нуж дунялалда лъугьун хадуб нужеца гьабизе бугеб кинабго гӀамал. Гьаб амро гьадин бугелъул нужеца нужерго напсал рацӀцӀуге! Аллагьасда ﷻ цӀакъ лъикӀ лъала жиндаса хӀинкъарав чи щив вугевали ва жинда гӀасияв щив вугебги.**

Гьаб аяталъул магӀна буго: Нуж нужерго гӀамалалдаса разилъун, гьеб к1одо гьабун лъикӀаблъун бихьун гьелъие рецц гьабун цогидазда гаргадуге. Гьеб нафс буго квешаб жо. Гьелъие жиндие рецц гьабизе бокьула ва гьеб рецц гьабиялдалъун жиб гӀамал кӀудияблъун, Аллагьасда ﷻ гӀасияблъун лъугьуна.

ТӀадегӀанав Аллагь жинда лъалев вуго кинабниги нафс бижиялде цебего гьеб нафсалъ щиб гӀамал гьабизе бугеб. Гьев хӀажатав гьечӀо нужеца жинда бициялда нуж лъикӀаб гӀамал гьабулел гӀадамал руго абун. Нужедаги лъаларо метер щиб гӀамал нужеца гьабулеблъи ва нужер ахир кин кколеблъиги. Кидаго Аллагь ﷻ разилъи тӀалаб гьабун лъикӀаб гӀамал гьабе ва кидаго Аллагьасул ﷻ гӀазабалдаса хӀинкъун, дур лъикӀаб гӀамалал дагьаблъун бихьун вукӀа.

**33. Дуца дида бице МухӀаммад ﷺ, гьав къосарав, пасикъав чиясул хабар ва гьесул хӀал:** أَفَرَءَيۡتَ ٱلَّذِي تَوَلَّىٰ ٣٣

**Жив Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъеялдаса вуссарав ва хIакъаб Къуръаналда нахъ вилълъинчIев.**

وَأَعْطَىٰ قَلِيلًا وَأَكْدَىٰٓ ﴿٣٤﴾ **34. Жинца къотIи гьабураб боцIиялъул дагьаб жо кьурав, цинги жив бахиллъун къотIи хвезабурав.**

Жинца кьезе бицараб боцIи кьечIого чIарав!

Гьаб кIиябго аят ва гьезда хадуб бугеб чанго аят рештIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Валид ибну Мугъират абулев Къурайшиязул цевехъан Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда صَلَّىٰ ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ аскIов гIодов чIун вукIана, гьес цIалулеб Къуръаналда гIенеккун, гьесул вагIзаялъ асар гьабун иман лъеялда гIагарлъун вукIана. Цинги гьев цоги мушрикас нечезе гьавуна ва гьесда абуна: «Дуца дур умумузул дин толеб буго, гьел къосарал, пасикъал ва жужахIалда унел гIадамал руго абулеб буго»-абун. Валидица абураб мехалъ дун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъулев вуго абун, дов мушрикас абуна: «Дица тIаде босулеб буго дуе букIунеб гIазаб мун иман лъеялдаса вусани ва дуца дие дагьаб боцIи-мал кьунани!-абун. Цинги гьев Валид жиндирго ширкалда вуссана ва жинца къотIи гьабураб боцIималалъул дагьаб жо кьуна. Хадуб хутIараб жинца къотIи гьабураб жо кьезе бахиллъун, гьеб къотIиги хвезабуна. Гьав мушрикасул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго.

أَعِندَهُۥ عِلْمُ ٱلْغَيْبِ فَهُوَ يَرَىٰٓ ﴿٣٥﴾ **35. Гьав мушрикасе балъгояб жойиш лъалеб бугеб,** жинца гьеб боц1и кьунин абун жив пакъирлъилин. **Ва гьесда гьеб беразда бихьулебищ бугеб?**

أَمْ لَمْ يُنَبَّأْ بِمَا فِى صُحُفِ مُوسَىٰ ﴿٣٦﴾ **36. Гьасда хабарго бицинчIищ Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рештIине гьабураб Тавраталда хъван бугеб жоялъул?**

وَإِبْرَٰهِيمَ ٱلَّذِى وَفَّىٰٓ ﴿٣٧﴾ **37. Гьединго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда т1ад къараб кинабго жо т1убарав Ибрагьим аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ рештIине гьабураб жиб камилаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялъул хабар рагIичIищ гьав мушрикасда?**

أَلَّا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ﴿٣٨﴾ 38. Киналго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ рештIине гьарурал тIахьазда бугеб хIукму буго: «**Цониги жинца жо баччулеб нафсалъ цогидаб нафсалъул мунагьал раччуларо»-абураб.**

وَأَن لَّيْسَ لِلْإِنسَٰنِ إِلَّا مَا سَعَىٰ ﴿٣٩﴾ **39. Ва щивав инсанасеги гьечIо абун жинцаго гьабураб гIамалалъул лъикIлъи гурони.**

Цогидаб нафсалъул мунагь цоги нафсалда баччизе гьабулареб гIадин

гьеб нафсалъе цогидаз гьабураб гIамалалъул кириги букIуларо. Гьаб масъала буго жиб бичIине кколеб ва жинда сверухъ гIемераб хабар бугеб.

Цо-цо гIелму дагьал гIадамал жидеца гьаб аятги цIалун: «Инсанасе жинцаго гьабураб гIамалалъул кири гурони гьечIо»-абун, цоги щибго жоялда ралагьичIого цо инсан хвараб мехалъ гьесда хадур хутIарал гIадамаз щиб лъикIаб гIамал гьабуниги дов хварав чиясе гьелдаса щибго мунфагIат гьечIо абун кIалъала. Гьаб буго мекъаб пикру. Гьаб буго шаргIалъул хилафалда бугеб фатва.

Къуръан хIадисалда гIемер далилал руго цо инсанас гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири цоги инсанасе щвеялда тIоритIел гьабулел. Гьел далилазул бищунго мухIканаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца муъминзабазе шафагIат гьабулев вукIин. Гьединго шагьидзаби ва жидеда Аллагь ﷻ разилъарал муъминзаби цогидазе шафагIат гьабулел рукIинги. Гьеб шафагIат гьабиялъул магIна буго жинда Аллагь разилъарав цо лагъас Аллагьасда ﷻ гьари гьав пуланав чиясдаса мун тIаса лъугьа ва гьав гIазабалдаса тархъе абун. Гьаб дугIа гьев чиясул гIамал гуребищ кколеб?

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб жиб сахIихIаб ва машгьураб хIадис буго: *«Адамил лъимер хвараб мехалъ гьес гьабулеб букIараб гIамал къотIун ккола лъабго жо хутIизегIан. Жиб даимаб садакъа, жинца нахъе тараб жиндаса мунфагIат босулеб гIелму ва жиндие дугIа гьабулев лъикIав вас»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Жиб даимаб садакъа буго инсанас жиндаса кидаго мунфагIат босулеб бакI: Нух, кьо, лълъим, масжид, мадраса, ах-хур ва цогидабги. Жиндаса мунфагIат босулеб гIелму буго исламияб гIелму: Къуръан, хIадис ва шаргIияб гIелмуги. ЛъикIав вас абураб рагIиялдаса мурад буго жиндир лъимал абураб: Васал ругониги, ясал ругониги, гьезул лъимал ва гьезулги лъимал ругониги-къиямасеб къо щвезегIан жиндаса лъугьараб насло буго гьеб.

Цоги гьеб лъикIаб гIамалалдаса цоги нафсалъе мунфагIат букIиналъе далил буго цо чи хвараб мехалъ гьесда тIад бугеб гIадамазул ва, Аллагьасул ﷻ налъи бецIунги. Закат бахъи, кIал кквей, хIажгун гIумра гьаби. Гьаб гIамалалъулги хварасе мунфагIат букIиналъе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго.

ГIалимзабазул хилаф гьечIеб рагIи буго: Хварав чиясдаса кьураб садакъаялъ ва гьесие гьабураб дугIаялъ хварасе мунфагIат гьабула абураб.

Хварав чиясе абун зикру бачани, яги Къуръан цIалани гьеб гIамалалъул

кири хварасе щоларо. Гьединго буго хварав чиясе лъикIлъи букIине абун как бай, кIал кквей гIадаб гIамалги. Гьал гIамалал руго хварав чияс гьарулел гьечIел, цоги гIадамаз гьарулел ругел гIамалал. Гьал гIамалазул кири гьаб гIамал гьабуразе щвела. Гьаб лъикIаб гIамалги гьабун цинги гьеб лъикIаб гIамалалдалъун нижедаги нижер хвараздаги гурхIа, нижерги гьезулги мунагьал чуре абун дугIа гьаби шаргIалда бегьулеб жо буго ва гьеб дугIа иншаАллагьу Аллагьас ﷻ къабул гьабиялда хьулги буго.

Цоги чара гьечIого лъазе кколеб жо буго: Хварав чиясе чIаго ругез гьабураб гIамалалъул, яги гьес жинца нахъе тараб лъикIаб жоялъул кири щвезе ккани шартI буго гьев чи иман исламалда хварав вукIин. Капурчиясе хаду ругез гьабураб дугIаялъул ва садакъалъул щибго мунфагIат букIунаро. Гьев чи иман лъечIого хварав вукIин лъараб мехалъ гьесие лъикIаб дугIа гьабизеги бегьуларо.

Гьаб бицараб жоялдаса хIасил буго: Цо инсан хвараб мехалъ гьес гьабулеб букIараб гIамал лъугьана. Гьев хун хадуб цогидаз гьабураб гIамалалъул гьесизе кири ва ажро букIунаро гьеб цогидазул гIамал гьесие шапагIат гьаби, гьесие дугIа гьаби ва гьесие гIоло садакъа кьейи букIун гурони. Гьаб бахIс бижиналъе сабабги буго цо чи хвараб мехалъ гIарацги кьун гьесда тIаса Къуръан цIали, зикру бачи ва цогидаб гIамал гьабураб мехалъ гьеб цогидаз цIалараб Къуръаналъул ва бачараб зикруялъул гьев хварав чиясе кири букIунаро абун абураб гIалимзабазул рагIи. Гьаб рагIи битIарабги буго, Имам ШафигIиясги гьедин бицун буго. Доб кьолеб гIарац хварав чиясдаса садакъаде кьураб мехалъ, гьал Къуръан цIалулел яги зикру бачунел гIадамазги жидеца гьабураб лъикIаб гIамалалъул ажру-кири хварасе щвезе гьабе, гьесул мунагьал чуре абун дугIа гьабураб мехалъ, иншааллагьу, гьелдалъун хваразеги чIаго ругезеги мунпагIат букIина.

40. Дол Аллагьас ﷻ рещтIине гьарурал тIахьазда хъван буго: **гьев инсанас гьабураб гIамал ахираталда гьесда бихьизе буго:** وَأَنَّ سَعْيَهُۥ سَوْفَ يُرَىٰ ﴿٤٠﴾

Гьеб гIамал лъикIаб бугел муъминзаби гьелдалъун рохун рукIине руго. Гьеб гIамал квешаб бугел капурзаби гьеб къоялъ цIакъ пащманлъизеги руго.

**41. Цинги гьев инсанасе жиндир гIамалазда рекъараб, жиб тIубараб жазаъги гьабизе буго.** ثُمَّ يُجْزَىٰهُ ٱلْجَزَآءَ ٱلْأَوْفَىٰ ﴿٤١﴾

**42. Ва дур вуссинги, я инсан, дур БетIергьан Алагьасде буго, гьев Аллагь вуго жинца жазаъ гьабизе бугев.** وَأَنَّ إِلَىٰ رَبِّكَ ٱلْمُنتَهَىٰ ﴿٤٢﴾

**Аллагьасда** ﷻ **иман лъун, гьесул г1азабалдаса х1инкъун хьвадарал муъминзабазе абадияб алжан х1адурун буго:** жиндир ниг1матал лазатаб, жиндир лазат, рах1ат сипат гьабун бицине к1олареб. Т1адег1анав Аллагьасда иман лъезе ч1ух1арал капурзабазе абадияб жужах1алъул г1азабги бук1ине буго.

**43. ХIакълъунго Аллагь вуго жинца роххелги пащманлъиги бижарав.** وَأَنَّهُۥ هُوَ أَضۡحَكَ وَأَبۡكَىٰ ﴿٤٣﴾

**Ахираталда жинца муъминзаби роххун релъизе гьарулев ва капурзаби гIодизе гьарулев.**

**44. Гьев Аллагь** ﷻ **вуго жинца хвелги чIаголъиги бижарав.** وَأَنَّهُۥ هُوَ أَمَاتَ وَأَحۡيَا ﴿٤٤﴾

Аллагьас ﷻ рухI лъолеблъун бижараб зарра гурони жиб чIаголъулеб ва жиб гIемерлъулеб (жиндир наслу бижунеб) гьечIо. Аллагьас ﷻ рухI лъоларелъун, жиб бижулареблъун бижараб зарра рухI лъолеблъун гьабизе кIолев щивго чи гьеч1о.

**45. Гьев Аллагь** ﷻ **вуго жинца кинабго рухI бугеб жо кIиго тайпа бижарав: бихьинабги цIуябги.** وَأَنَّهُۥ خَلَقَ ٱلزَّوۡجَيۡنِ ٱلذَّكَرَ وَٱلۡأُنثَىٰ ﴿٤٥﴾

Гьеб кIиго жо данделъун, гьезул мани цоцаде жубан гьезул наслу ракьалда тIибитIулеблъун гьабурав.

**46. Гьеб кинабго бихьинабги цIуябги жо бижуна цохIо манидал къатIраялдаса.** مِن نُّطۡفَةٍ إِذَا تُمۡنَىٰ ﴿٤٦﴾

**Жиб бихьинаб жоялъул гьодидаса бачIун цIуяб жоялъул рахIмоялъубе ккараб мехалъ, ва гьениб цIуяб жоялъул манидал къатIрагун данделъараб мехалъ.**

**47. Х1акълъунго Гьев Т1адегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун буго хун хадур кинабго халкъ тIаде бахъине гьабиги.** وَأَنَّ عَلَيۡهِ ٱلنَّشۡأَةَ ٱلۡأُخۡرَىٰ ﴿٤٧﴾

Гьаб цебе рехсараб хIалалъ цохIо манидул къатIраялдаса инсан вижарав Аллагьасда ﷻ гьев хун хадув чIаго гьавизеги кIола щибго щаклъи гьечIого.

**48. Х1акълъунго Гьев Аллагь** ﷻ **вуго жинца жиндие бокьарав чи ризкъи гIатIид гьабун бечед гьавулев, бокьарав чи ризкъи къварид гьабун мискинго толев.** وَأَنَّهُۥ هُوَ أَغۡنَىٰ وَأَقۡنَىٰ ﴿٤٨﴾

Гьесда щибго жо гьикъуларо, гьес гьабулеб ишалда жаниб цо хIикматги букIуна.

**49. Х1акълъунго Гьев Аллагь** ﷻ **вуго «ШигIра» абулеб цIваялъул БетIергьан.** وَأَنَّهُۥ هُوَ رَبُّ ٱلشِّعۡرَىٰ ﴿٤٩﴾

Гьеб цIваялъе лагълъи гьабулел цо гIадамал рукIана. Гьезул гIибадат батIулаб букIин бицун абураб рагIи буго гьаб. Гьаб «ШигIра» (Звезда Пса) абулеб цIва буго июль моцIалъ бакъ тIерхьине гIагарлъараб мехалъго бакъ баккул рахъалда загьирлъулеб, жиндир кунчIи цIикIараб цIва. ЛъагIалида жаниб цохIо къоялъ загьирлъула гьеб цIва бакъ тIерхьинелде цебе. Гьедин бугелъул гьеб букIана лъагIел байбихьи рикIкIунеб къолъун инсаниятальул цебесеб тарихалда.

وَأَنَّهُۥٓ أَهْلَكَ عَادًا ٱلْأُولَىٰ ۝٥٠

**50. Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца цересел гIадилал гьалаг гьарурав.**

وَثَمُودَا۟ فَمَآ أَبْقَىٰ ۝٥١

**51. Самудиялги гьалаг гьаруна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, гьезул щивго чи нахъеги течIо.**

وَقَوْمَ نُوحٍ مِّن قَبْلُ ۖ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ هُمْ أَظْلَمَ وَأَطْغَىٰ ۝٥٢

**52. Гьездасаги цебе НухIил къавмги гьалаг гьабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Х1акълъунго Гьеб НухIил къавм цIакъ къосараб, жидер зулму ва пасалъи гIемераб букIана.**

«БахIрул мухIитI» абулеб тафсиралда абуна: «НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ азарго сон гIагарун заманаялъ ахIана жиндир къавм Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялде, амма гьезие гьесул дагIваталъ щибго асар гьабулеб букIинчIо. Гьеб къавмалъ вухун, гIакълуялдаса ине гьавун, хварав чи гIадин гIодове рехунги вукIунаан НухI авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ. Цо чи унев вукIана жиндир гьитIинав васасул кверги ккун НухIида аскIове ва гьес абулеб букIана: «Вореха мун цIуне гьав чиясда иман лъеялдаса. Дир инсуца дун кверги ккун вачун унеб мехалъ дидаги васият гьабун букIана гьев НухIида иман лъоге абун»-абун. Гьеб хIалалъ кIудиял гIадамал жидер куфруялда холел рукIана, гIисинал лъималги гьев НухIида щцим бахъараллъун, гьесда иман лъезе гIагарлъулареллъун кIудиял гIолел рукIана" – абун.

وَٱلْمُؤْتَفِكَةَ أَهْوَىٰ ۝٥٣

**53. ЛутIил къавмалъул «муътафикат» абулел росабиги зодореги росун гIодоре рехана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.**

فَغَشَّىٰهَا مَا غَشَّىٰ ۝٥٤

**54. Гьел росабазул агьлдуялда тIад цIакъ кIудияб балагьги рещтIана ва гучаб гIазабалъ гьел тIерхьине гьаруна.**

فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكَ تَتَمَارَىٰ ۝٥٥

**55. Дуца ТIадегIанав Аллагьасул щал нигIматал гьереси гьарулел, я гьав инсан?**

Гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламаталги рукIаго, гьев цо вукIиналъе загьирал ва баянал хIужабиги рукIаго гьев

Аллагьасда ﷻ иман кин дуца лъолареб?

**56. Гьав хирияв МухIаммад ﷺ вуго цересел расулазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рельлъарав, жинца Аллагьасул ﷻ гIазабалдалъун капурзабазе хIинкъи кьолев Аллагьасул ﷻ расул.** هَٰذَا نَذِيرٌ مِّنَ ٱلنُّذُرِ ٱلْأُولَىٰٓ ﴿٥٦﴾

**57. Къиямасеб къо бачIинги цIакъго гIагарлъун буго.** أَزِفَتِ ٱلْـَٔازِفَةُ ﴿٥٧﴾

**58. Гьеб къиямасеб къоялъул къварилъи-балагь тIаде бачIараб мехалъ гьеб тIаса босизе кIолев щивго чи гьечIо цохIо Аллагь ﷻ гурони.** لَيْسَ لَهَا مِن دُونِ ٱللَّهِ كَاشِفَةٌ ﴿٥٨﴾

**59. Нужеца гьаб Къуръаналда гIажаиблъийищ гьбабулеб, я гьал мушрикал? Нужеца гьаб махсародейищ гьабулеб ва гьелда тIад рельанхъулелищ ругел?** أَفَمِنْ هَٰذَا ٱلْحَدِيثِ تَعْجَبُونَ ﴿٥٩﴾

**60. Нуж гьеб Къуръаналда тIад рельанхъулел руго гурищ? Нуж гIодизе кин гIодуларел гьеб Къуръаналъ нужее хIинкъи кьолеб ахираталъул гIазабалдаса хIинкъун.** وَتَضْحَكُونَ وَلَا تَبْكُونَ ﴿٦٠﴾

**61. Нуж цIакъ гъапулго ва гIададаго ругоха, я гьал Аллагьасде ﷻ иман лъечIел гIадамал!** وَأَنتُمْ سَٰمِدُونَ ﴿٦١﴾

**62. Нужеца сужда гьабе жинца нуж рижарав, жив цогояв Аллагьасе ﷻ. Нужеца гIибадатги гьев Аллагьасе ﷻ гьабе.** Гьесдехун щибго жо ширк гьабуге, хъанчалги риIкIад гьаре! Жиндие гIибадат гьабизе бегьулев цоги Аллагь ﷻ ва цоги щибго жо гьечIо цохIо Аллагь ﷻ гурони. فَٱسْجُدُوا۟ لِلَّهِ وَٱعْبُدُوا۟ ۩ ﴿٦٢﴾

Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.

Гьеб Маккаялъул агьлу хъанчие лагълъи гьабулеб агьлу букIиндал, Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIаламатал рицун хадуб, гьезда амру гьабулеб буго: «Нужеца цохIо Аллагьасе ﷻ гьабе гIибадат» – абун. Гьаб хъанчие лагълъи гьаби гIарабиязул ракьалдаса тIагIана Макка бахъун хадуб ва КагIба рукъ сверун рукIарал гIемерал хъанчалги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ва хириял асхIабзабаца гъурун гIодоре ран хадуб.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Сурату Ннажмалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе ﷻ буго.

## 54. Суратул Къамар

سُورَةُ القَمَرِ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб кIикъоялда АнцIила щуго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жаниб кинабго кIвар буссине гьабун буго хирияб Къуръан гьереси гьабулел мушриказде рагъ гьабиялде ва гьезие хIинкъи кьеялда.*

*Сураталъул байбихьуда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе мугIжизатлъун бугеб моцI хъвалхьиналъул бицун буго. Мушриказул тIалаб гьабиялда рекъон гьеб мугIжизат загьир гьабун букIаниги гьеб моцI хъвалхьиналде гьез сихIру буго абуна.*

*Къиямасеб къоялъул захIмалъаби рицун руго, цIакъ жинца ракI хIинкъизе гьабулеб хIалалъ, чорхол расги бахъун чIолеб хIалалъ. Цересел къавмазул бицен гьабун, дагьабго гьезул къисаби рицун руго. НухIил къавмалъул бицен гьабун хадуб гIадилазул,самудиязул, ЛутIил къавмалъулги бицун буго. ПиргIавнил къавмги рехсон буго ва гьезде щвараб батIи-батIияб гIазабги рехсон буго.*

*Гьал умматазул къисаби рицун хадуб Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьолеб буго жидедеги гьединаб гIазаб щвезе букIиналдалъун.*

*Сураталъул ахиралда Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъарал муъминзабазе ахираталда ругел даражаби ва хиралъи бицун буго.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Къиямасеб къо ч1ейи г1агарлъун буго. МухIаммад аварагасе** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **мугIжизатлъун моцIги хъвалхьана.**

ٱقْتَرَبَتِ ٱلسَّاعَةُ وَٱنشَقَّ ٱلْقَمَرُ ﴿١﴾

**2. Къурайшиязул капурзабазда МухIаммад авараг** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **жив ритIухъав Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **расул вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал рихьаниги гьел иман лъеялдаса руссунел руго ва гьез абулеб буго гьеб моцI хъвалхьинги сихIру бугин МухIаммадица** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **нижер берал рухьун гьабураб ва жиб даимаб, мухIканаб.**

وَإِن يَرَوْا۟ ءَايَةً يُعْرِضُوا۟ وَيَقُولُوا۟ سِحْرٌ مُّسْتَمِرٌّ ﴿٢﴾

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Маккаялъул капурзабаца Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагасда абуна: «Мун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ расул

вуго абураб рагIиялъулъ мун ритIухъав ватани дуца нижеда бихьизе гъабе зодоб бугеб моц1 к1иго бут1а лъугьун хъвалхьараблъун» – абун. Гьедин аварагас ﷺ гьабуни жидеца иман лъела абун къот1иги гьабун бук1ана.

Гьеб бук1ана моц1 цIураб сордо. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Аллагьасде ﷻ дугIа гьабуна гьел капурзабаца гьарараб жо жиндие мугIжизаталлъун гьабе абун. Цинги гьеб моцI хъвалхьун цо бащалъи Сафа мегIералда тIад чIана, цогидаб бащалъи абуКъубайс мегIералда тIад чIана, Х1ираъ мегIерги гьеб кIиялдаго гьоркьоса бихьулеб букIана. Цинги Маккаялъул капурзабаца абуна: «Гьев МухIаммадица ﷺ нижее сихIру гьабуна» – абун. Абужагьлица абуна: «Нужеца сабру гьабе! Нуж иман лъезе гIедегIугIе! Нилъехъе росабалъан гIадамал рачIараб мехалъ гьез абуни жидедаги бихьанин моцI хъвалхьун абун, нилъеца МухIаммад ﷺ ритIухъ гьавила, гьезда моцI хъвалхьун бихьун батичIони, нилъее МухIаммадица ﷺ сихIру гьабун букIуна» – абун.

Росабалъан гIадамал рачIараб мехалъ гьез бицана жидеда моцI хъвалхьун бихьана абун. Цинги Абужагьлица ва цогидал мушриказ абуна: «Гьаб цIакъ мухIканаб, даимаб сихIру буго» – абун.

Гьеб моцI хъвалхьи Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе мугIжизат букIиналда тIоритIел гьабулел хIадисалги руго. Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса имам Бухарияс ва имам Муслимица бицараб хIадисалда буго: «Маккаялъул агьлуялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьарана жидеда цо гIаламат бихьизе гьабе абун. Аварагас ﷺ гьезда моцI хъвалхьилъун бугеб гIаламат бихьизе гьабуна кIиго нухалъ» – абун. Цо гIалимзабаца абун буго гьеб моцI хъвалхьи къиямасеб къо гIагарлъараб мехалъ букIине бугин абун. Гьаб рагIи мекъаб, жиндие далил гьечIеб рагIи буго.

**3. Гьел Къурайшияз авараг ﷺ гьереси гьавуна, гьес загьир гьабураб мугIжизатги гьереси гьабуна. Гьел жидерго гьава-напсалъе бокьараб жоялда нахъги рилълъана.** وَكَذَّبُوا۟ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَهْوَآءَهُمْ ۚ وَكُلُّ أَمْرٍ مُّسْتَقِرٌّ ﴿٣﴾

**Кинабго амруги жиндир чIолеб бакIалде щола ва гьениб чIола.** ЛъикIлъи лъикIал чагIазда чIола, квешлъи квешал чагIазда чIола. ЛъикIал гIадамал алжаналда чIола, квешал гIадамал жужахIалда чIола.

**4. Аллагьасда ﷻ инкар кколел гIадамазухъе, Х1акълъунго цересел умматазул хабар бачIана, гьеб хабаралда жаниб гьел куфру-** وَلَقَدْ جَآءَهُم مِّنَ ٱلْأَنۢبَآءِ مَا فِيهِ مُزْدَجَرٌ ﴿٤﴾

**ширкалдаса нахъе чIвазе гIураб вагIзаги букIана.**

5. **Гьаб хирияб Къуръанги тIубараб ва камилаб хIикмат буго жинца хIукмаби баян гьариялъулъ ва хIакъаб диналда тIоритIиялъулъ.** حِكۡمَةُۢ بَٰلِغَةٞۖ فَمَا تُغۡنِ ٱلنُّذُرُ ٥

Жал къосарал, жидер берал беццал, ракIазда тIад тIалъел лъурал гIадамазе кьолел х1инкъабаца, **щиб жоялъха гIейи гьабилеб гьел тIоритIизе?** Гьел инкарчагIи хIакъаб диналда тIоритIун кколаро кигIан кIудияб мугIжизат гьезда бихьаниги ва гьезие кинаб вагIза-насихIат гьабуниги.

6. **Мун гьал инкарчагIаздаса вусса, МухIаммад** ﷺ, ва гьезда кинаб балагьдай бачIуна абун валагьун чIа! فَتَوَلَّ عَنۡهُمۡۘ يَوۡمَ يَدۡعُ ٱلدَّاعِ إِلَىٰ شَيۡءٖ نُّكُرٍ ٦

**Исрапил малаикас цIакъ жиб рихараб, жиб бокьулареб жоялде ахIараб къо буго гьел капурзабазе гIазаб гьабизе бугеб Къиямасеб къо.**

7. **Жидер бер хIинкъун, гьеб ракьалдаса эхеде борхизе кIоларого рукIуна капурзаби гьеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун.** خُشَّعًا أَبۡصَٰرُهُمۡ يَخۡرُجُونَ مِنَ ٱلۡأَجۡدَاثِ كَأَنَّهُمۡ جَرَادٞ مُّنتَشِرٞ ٧

**Жидер хобаздаса къватIире гьелги рахъула ракьалда тIибитIараб гарцI гIадин:** гIемерал рукIуна гьел, жидер унеб рахъ лъаларелги рукIуна, цояз цоял мерхьунелги рукIуна.

8. **Жидеде ахIулев чи вугеб рахъалде ине гIедегIунги рукIуна гьел. Гьеб къоялъ капурзабаца абула: «Гьаб къо цIакъ захIматаб къо бугоха» – абун.** مُّهۡطِعِينَ إِلَى ٱلدَّاعِۖ يَقُولُ ٱلۡكَٰفِرُونَ هَٰذَا يَوۡمٌ عَسِرٞ ٨

9. Гьал маккаялъул мушрикаца мун гьереси гьавиялда дуца гIажаиблъи гьабуге, МухIаммад ﷺ! **Гьездаса цере рукIарал НухIил къавмалъги гьереси гьавуна жидехъе расуллъун вачIарав Дир лагъ НухI. Гьев НухIида гьез абуна: «Гьав чи жундуца ккурав чи вугин»-абун ва жидеца гьев дагIват гьабиялдаса нахъеги чIвана: хIинкъизе гьавун, рогьоб бан, кьабун**. ۞كَذَّبَتۡ قَبۡلَهُمۡ قَوۡمُ نُوحٖ فَكَذَّبُواْ عَبۡدَنَا وَقَالُواْ مَجۡنُونٞ وَٱزۡدُجِرَ ٩

10. Гьеб къавм азаргогIан соналъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялде ахIулаго бихьараб гIакъуба-къварилъиялда сабруги гьабун гьез иман лъеялдаса жиндир فَدَعَا رَبَّهُۥٓ أَنِّي مَغۡلُوبٞ فَٱنتَصِرۡ ١٠

хьул къотIараб мехалъ НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **жиндир БетIергьан Аллагьасда ахIи бана ва гьес абуна:**
**«Гьанже дун гьаб къавмалдаса къун вуго. Дуца дие квербакъи гьабе!» – абун.**

**11. Цинги Дица зобалазул рагьаби рагьана кутакаб лъим чвахулеллъун.** فَفَتَحۡنَآ أَبۡوَٰبَ ٱلسَّمَآءِ بِمَآءٖ مُّنۡهَمِرٖ ﴿١١﴾

**12. Дица ракьулъан къватIире иццал-лъаралги раккизе гьаруна ва гьеб зобалъулги ракьалъулги кIиябго лъим данделъана Дица жиб азалалдаго къадар гьабун букIараб хIалалъ гьеб НухIил къавм гъанкъизе гьабун гьалаг гьабиялъе.** وَفَجَّرۡنَا ٱلۡأَرۡضَ عُيُونٗا فَٱلۡتَقَى ٱلۡمَآءُ عَلَىٰٓ أَمۡرٖ قَدۡ قُدِرَ ﴿١٢﴾

**13. Дица НухI аварагги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **гьесда иман лъурал гIадамалги тIад рекIине гьаруна хъарщал магIаздалъун цоцаде рукъун гьабураб гамаялда.** وَحَمَلۡنَٰهُ عَلَىٰ ذَاتِ أَلۡوَٰحٖ وَدُسُرٖ ﴿١٣﴾

**14. Гьеб гама лъималда тIад билълъунеб букIана дир амруялдалъун ва дица цIунун. Гьеб НухIил къавм дица гьалаг гьабуна гьез жинда инкар ккурав дир лагъасул дугIаялъе жаваб гьабун.** تَجۡرِي بِأَعۡيُنِنَا جَزَآءٗ لِّمَن كَانَ كُفِرَ ﴿١٤﴾

**15. Х1акълъунго Дица гьеб НухIил къавм тIупан тIун гъанкъизе гьари тана хадусел умматазе вагIзалъун ва жиндаса гIакълу босулеб гIаламатлъунги букIине.**
**Гьаб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIалкIолъиялъул пикру гьабулев, гьелдаса вагIза босулев чиго гьечIищха?** وَلَقَد تَّرَكۡنَٰهَآ ءَايَةٗ فَهَلۡ مِن مُّدَّكِرٖ ﴿١٥﴾

**16. Дир хIинкъи кьейги хадуб дица гьабураб гIазабги кинха букIараб дир аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьарурал, дир аятаздаса вагIза босичIел гIадамазе?** فَكَيۡفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿١٦﴾

**17. Х1акълъунго Дица гьаб Къуръанги цIакъ бигьаяблъун гьабун буго жиб цIализе, жиндир магIна бичIчIине ва гьелдаса пайда босизеги. Гьаб Къуръаналъул пикру гьабулевги, гьелдаса вагIза-насихIат босулевги чиго гьечIищ?** وَلَقَدۡ يَسَّرۡنَا ٱلۡقُرۡءَانَ لِلذِّكۡرِ فَهَلۡ مِن مُّدَّكِرٖ ﴿١٧﴾

Гьаб хирияб Къуръан тIадегIанав Аллагьас жиндаса мунпагIат босизе абун рещтIине гьабураб тIехь бугелъул, гьеб кинавго чияс жиндаса мунпагIат босулеблъун гьабун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Гьеб гьабун гьечIо цо гIадамазда жиб бичIчIулеблъун цогидазда бичIчIулареблъун.

ГIарабиял ругониги гIажамиял ругониги щивасе жиндир мацIалде буссине гьабун Къуръаналдаса мунпагIат босизе рес буго. Гьеб цIализе ва рекIехъе лъазабизе бигьаяблъунги гьабун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.
Цо-цо жагьилал, жал г1алимзаби ругин абун кIалъалел г1адамал руго, Къуръан таржама гьабун цогидаб мацIалде буссинабизе бегьуларин абун. Гьез жидер рагIи ритIухъ гьабизелъун бачунеб далилги буго таржама гьабураб гьеб Къуръан кинавниги чияс цIалулеб бугин ва гьел гIадамазда гьоркьор жидер иман загIипал, жидеца Къуръан махсароде гьабулел, гьелъул къимат гьабуларелги гIадамал рукIунин абун. Гьаб рагIи жагьилаб букIин лъала цодагьабго гIакълу-пикру бугев чиясда. Гьеб рагIи бицунел г1адамазда кин лъалареб хирияб Къуръан рещтIине гьабулеб заманаялъ киналго гIарабиял куфру-ширкалда рукIараблъи. Гьелдаса хадубги кинабго заманаялъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир рекIелъ иманалъул нур гьабичIев чияс Къуръан махсароде гьабулеб букIана. Гьединал капурал гIадамаз Къуръан махсароде гьабулеб бугин абун муъминзабаздаса Къуръан бахчизе бегьилищ? Гьеб Къуръан умматалъухъе щвезе гьабе абураб амру тIубачIого тезе бегьилищ?
Цоги таржама гьабизе бегьуларо абулез х1ужжалъун гьабулеб раг1и буго: «Къуръан жинца инсан г1ажиз гьавулеб муг1жизат буго ва гьеб муг1жизат г1араб мац1алда бугеб Къуръаналъе горони бук1унаро»- абун. Гьаб раг1иги ц1акъго заг1ипаб раг1и буго. Нилъеца г1араб мац1алда бугеб Къуръан щибго хисизе гьабич1ого бук1ухъин толеб буго. Нилъеца абулеб гьеч1о г1ажамияб мац1алда бугеб Къуръаналъул таржамаялъ инсан г1ажиз гьавула абун. Киг1анго лебалав таржамачиясдаги к1оларо г1араб мац1алда хассаб пасих1лъи ва маг1на гъварилъи хисизе теч1ого, гьеб ц1унун таржама гьабизе. Нилъер мурад гьеч1о таржама муг1жизатлъун бук1ин. Нилъер мурад буго бусурбабазухъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалъул маг1на щвезаби. Гьеб маг1наялда къуръаниланги абуларо. Къуръанилан абула г1иц1го г1араб мац1алъ бугеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалда.
Гьаб Къуръан таржама гьабизе бегьуларо абураб рагIи абулел гIадамал руго жидер гIелму-лъай загIипал гIадамал. Гьезул щивав цояс кIудияб даража-макъамалда жив вугеб хIисабалда халкъалда цереги рахъун Къуръаналъул аятал цIалун жидерго мацIалда вагIза-насихIат гьабула. Гьезие киндай бегьулеб Къуръан таржама гьабизе?! Цогиги гьезул жагьиллъи буго: гьезие бокьун буго Къуръаналда жаниб хъвараб жо щиб бугебго лъачIого “Гьаб Къуръан Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам буго” – абураб рагIиялда божун гIадамал хьвадизе. ТIадегIанав Аллагьас Къуръан рещтIине гьабун буго жинда жаниб бугеб жо лъан, гьелъул

пикру гьабун, инсанасда лъазе жиндир БетIергьан Аллагь вукIин. Жив гьесул лагъ вукIинги лъазе, гьев Аллагьасги ﷻ гьесул расуласги малъухъе жинца гIибадат гьабизеги. Цо пуланав чияс: «Къуръаналда гьадин хъван буго»–абураб рагIиялда божун гьелда иман лъейищ лъикIаб бугеб, жиндаго гьеб Къуръаналда хъвараб жоги лъан, бичIчIун, гьелда иман лъейищ бугеб лъикIаб? Гьаб хIакъикъат кин бичIчIулареб ва гьаб хирияб Къуръан гIадамаздаса бахчизе кин хIинкъуларел?

ГIадамазда гьоркьор жидеца иман лъечIелги, мунапикъзабиги, иман загIипал гIадамалги рукIунеблъи хIакъаб жо буго. Гьел гIадамал руго абун Аллагьас ﷻ халкъалъухъе щвезе гьабе абун амру гьабураб Къуръан ва гIелму бахчизе бегьуларо. Ва амма Къуръаналъе таржама гьабизе бегьула абураб рагIиялъул магIна гьечIо жинда гIараб мацI лъалев чияс, яги гIарабалдаса цоги мацIалде буссине гьабураб бакIалдаса босарав чиясги Къуръаналъул щибаб рагIиялъе магIнаги гьабун гьеб халкъалъухъе кьезе бегьила абураб. Гьеб бегьунгутIиялъе бищунго аслияб гIиллла буго гIараб рагIаби руго цо рагIиялъ чанго батIияб магIна жаниб кколел. Гьеб гIараб рагIи цохIо рагIиялдалъун цоги мацIалде буссине гьабураб мехалъ доб мацIалъул чиясда лъаларо доб жиндие бицараб магIна гурони.

Къуръаналъе тафсирги гьабун: «ТIадегIанав Аллагьасул каламалъул гьаб магIна букIине бегьула, Аллагьасе ﷻ гьаб рагIиялдалъун пуланаб магIна бокьун батизеги бегьула»-абун, гIалимчияс Аллагьасул ﷻ калам баян гьабураб мехалъ, гьеб тафсир цIаларав чиясда бичIчIизе ккола: «Жиндир каламалъул хIакъикъияб мурад ва магIна ТIадегIанав Аллагьасда лъала, нилъер гIелму ва гIакълo щвараб бакI гьаб магIна гьаби буго»-абураб мурад букIин гьев гIалимчиясул.

Къуръаналъул чанго батIияб магIна гьабизе бегьулеб букIиналъ хириял асхIабзабаца Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIаго вугеб мехалъ гьесда гьикъулеб букIана пуланаб аяталъул, яги рагIиялъул магIна щиб бугеб абун. Жидеца гьикъулел асхIабзабиги гIарабиял рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хун хадуб Къуръан данде гьабун халкъалъухъе цIализе кьураб къоялдаса байбихьун гIалимзабаца гьеб Къуръаналъе тафсир (толкование, объяснение, баян) гьабуна. Бищун цебе жинца тапрсир гьабурав чи вуго жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббас – хирияв аварагасул ﷺ инсул вац ГIабасил вас ГIабдуллагь. Жакъа къоялде щвезегIан гIемер батIиял гIалимзабаца тапрсир гьабун буго Къуръаналъе.

Гьел гIалимзабаца гьарурал тафсираздаса босун, гьеб тафсиргун цадахъ Къуръан таржама гьабизеги бегьула ва цIалун гьелдаса мунпагIат

босизеги бегьула. Гьеб таржама гьаби тIадаб буго жидеда гIелмуялъул бичIчIи бугел гIадамазда. Цо магIарулаз таржама гьабун къватIибе биччараб Къуръаналъул магIна жиндаса щибго мунпагIат босизе рес гьечIеб хIалалъ гьабун буго. Гьанже цо шагIир ва хъвадарухъан вугин абун бицана жинца Къуръан таржама гьабулев абун. Гьединаб таржама гьаби жиб нахъе чIвазе ва жинда рагъ гьабизе тIадаб буго: щибго исламияб диналъул кIвар гьечIел гIадамаз Къуръан таржама гьаби буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин махсароде гьаби!

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам махсароде гьабулеллъун рукIиналадса. Гьединго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам гьесул лагъзадеридаса бахчулеллъун рукIиналдасаги цIунаги.

كَذَّبَتْ عَادٌ فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿١٨﴾

**18. ГIадилазги гьереси гьавуна жидехъе вачIарав расул Гьуд عَلَيْهِ السَّلَامُ. Дир аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарурал гIадамазе дир хIинкъи кьей ва гIазаб гьаби кинха букIараб?**

إِنَّا أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيحًا صَرْصَرًا فِي يَوْمِ نَحْسٍ مُّسْتَمِرٍّ ﴿١٩﴾

**19. Дица гьеб Гьудил къавмалда тIаде биччана жиб цIакъ пулеб, сверсведулеб гьури, жиделъ щибго баракат гьечIел къояз.**

**Жиб даимаблъун хутIана гьеб гIазабги.** Гьел гьалаглъизег1ан. Дунялалдаса гьалаг гьабун тIагIине гьабуна гьеб Гьудил къавм, ахираталдаги букIине буго гьезие жиб тIаса унареб гIазаб.

تَنزِعُ النَّاسَ كَأَنَّهُمْ أَعْجَازُ نَخْلٍ مُّنقَعِرٍ ﴿٢٠﴾

**20. Гьеб гьуриялъ гIадамал ракьалдаса рахъун зодоре росулел рукIана, цинги ракьалде тIадеги рехулел рукIана кьолболъан рахъарал чамастакил гъветIалъул рохти гIадин (пень).**

Гьудил къавмалъул гIадамал чамастакил гъутIбузда релълъине гьаруна гьезул къаркъалаби кутакал рукIиналъ.

فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿٢١﴾

**21. Дир гIазабги хIинкъи кьейги кинха букIараб жидеца дир аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарурал гIадамазе?**

وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ﴿٢٢﴾

**22. Х1акълъунго дица гьаб Къуръан цIакъ бигьаяблъун гьабун буго жиб цIализе ва жиндасан гIибрат (гIакълу) босизе.**

**Гьеб Къуръаналъул жиндие вагIза лъугьунев чиго гьечIищха?**

كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِالنُّذُرِ ﴿٢٣﴾

**23. Самудиязги гьереси гьаруна жидехъе рачIарал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдалъун гьезие хIинкъи**

**кьолел дир расулал.**

СсалихI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ вуго гьев. Цо авараг гьереси гьавурал гIадамал жидеца цогидалги аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьереси гьарураллъун рукIунелъул абуна гьаб аяталда “жидеца хIинкъи кьолел” абун.

**24. Гьел самудияз абуна: «Гьев нижедаго релълъарав, нижеда гьоркьоса чилъун вугев СсалихIида** عَلَيْهِ السَّلَامُ **нахърилълъунищха ниж?** فَقَالُوٓا۟ أَبَشَرًا مِّنَّا وَٰحِدًا نَّتَّبِعُهُۥٓ إِنَّآ إِذًا لَّفِى ضَلَٰلٍ وَسُعُرٍ ﴿٢٤﴾

**ХIакълъунго гьеб мехалъ ниж жиб баянаб къосиналъулъ ва жундуца кквеялъулъ рукIуна гурищ» абун.**

**25. «Гьев СсалихIидайищ Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **вахIю гьабулеб нижеда гьоркьоса?** أَءُلْقِىَ ٱلذِّكْرُ عَلَيْهِ مِنۢ بَيْنِنَا بَلْ هُوَ كَذَّابٌ أَشِرٌ ﴿٢٥﴾

Гьесдаса гIемерго къадру бугел, жидер боцIи-мал гIемерал гIадамал руго нижеда гьоркьор. **Гьев чи вуго жинца цIакъ кIудияб гьереси бицунев» – абун.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**26. Гьел инкарчагIазда ахираталда лъазе буго щив вугев жинца кIудияб гьереси бицунев чи!** سَيَعْلَمُونَ غَدًا مَّنِ ٱلْكَذَّابُ ٱلْأَشِرُ ﴿٢٦﴾

**27. Дица гьезул хIалбихьи гьабизе ва гьезие питналъун букIине кьурулъан къватIибе варани бахъине гьабизе буго.** إِنَّا مُرْسِلُوا۟ ٱلنَّاقَةِ فِتْنَةً لَّهُمْ فَٱرْتَقِبْهُمْ وَٱصْطَبِرْ ﴿٢٧﴾

Гьез т1алаб гьабураб х1алалъ. **Мун гьез щиб гIамалдай гьабула абун валагьун чIа, Ссалих1, ва дуца сабруги гьабе!** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе квербакъи гьабизе буго ва гьеб къавмалъе гIазабги гьабизе буго.

**28. Дуца гьеб къавмалда бице, Ссалих1, жидеца гьекъолеб лъим вараниялдаги гIадамаздаги гьоркьоб бикьараб буго абун.** وَنَبِّئْهُمْ أَنَّ ٱلْمَآءَ قِسْمَةٌۢ بَيْنَهُمْ ۖ كُلُّ شِرْبٍ مُّحْتَضَرٌ ﴿٢٨﴾

Цо къо гIадамазе буго, цогидаб къо вараниялъе буго. **Жиндир ирга бугеб къоялъ гурони гьеб лъим гьекъезе гIадамал рачIине гьечIо.** Жиндир ирга бугеб къоялъ вараниги бачIине буго.

**29. Гьеб къавмалъ Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее гьабураб хIукму хвезе гьабуна, гьезда вараниялъе лъим тейги чIалгIана.** فَنَادَوْا۟ صَاحِبَهُمْ فَتَعَاطَىٰ فَعَقَرَ ﴿٢٩﴾

**Гьез жидеда гьоркьоса бищунго къосарав чиги ахIун варани хьвезе витIана. Гьес жиндир хвалченалдалъун варани хвезе гьабуна.** Гьев чияс ва жидеца гьев варани хьвезе вит1араб Ссалих1ил къавмалъ

щибго пикру гьабичIо кинаб кIудияб мунагь жидеца гьабулеб бугеб ва жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъин рещтIиналъулги.

**30. Х1акълъунго гьев Ссалих1 гьереси гьавураб къавмалъе дир хIинкъи кьейги ва дир гIазабги кинабха букIараб?** فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ۝٣٠

**31. Дица гьеб къавмалда цохIо гьаракь биччана ва гьел киналго турараб хер гIадин гIодоре рортун ана.** إِنَّآ أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ صَيْحَةً وَٰحِدَةً فَكَانُواْ كَهَشِيمِ ٱلْمُحْتَظِرِ ۝٣١

Гьеб гьаракь биччарав чиги Жабраил малаик вукIана.

Жалал абулеб тафсиралда ﴿كَهَشِيمِ ٱلْمُحْتَظِرِ﴾ абураб рагIиялъул магIна гьабун абуна: ﴿ٱلْمُحْتَظِرِ﴾ буго гIи-боцIи жаниб гъезе гьабураб муцIиялъул ва хьопалъул чали. Гьеб чалиялдаса турун гIодобе бортараб ва жиб гIиял хIатIаца мерхьараб жоялда абула «هَشِيم» абун. Гьадинаб баян гьабураб мехалъ нилъее загьирлъулеб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ каламалъул пасихIлъи ва гъварилъи.

**32. Х1акълъунго дица гьаб Къурьан жиб цIализе, жиндаса вагIза босизе ва жинда гIамал гьабизе бигьаяблъун гьабуна.** وَلَقَدْ يَسَّرْنَا ٱلْقُرْءَانَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ۝٣٢

**Гьаб Къурьаналъул жиндие вагIза-насихIат лъугьунев чиго гьечIищха?.**

**33. ЛутIил къавмалъги гьереси гьавуна жидехъе вачIарав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдалъун гьезие хIинкъи кьолев расул ЛутI عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ.** كَذَّبَتْ قَوْمُ لُوطٍۭ بِٱلنُّذُرِ ۝٣٣

**34. Х1акълъунго Дица гьеб къавмалда тIад зодиса ганчIал речIана. ЦохIо ЛутIил агьлу хутIана жидеде гьеб г1азаб щвечIел. Дица гьев ЛутIги гьесул агьлуги хвасар гьабуна радакь гIужалъ, рогьалида цебе.** إِنَّآ أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ حَاصِبًا إِلَّآ ءَالَ لُوطٍ نَّجَّيْنَٰهُم بِسَحَرٍ ۝٣٤

**35. Дир рахъалъан нигIматлъун букIана гьев ЛутIги гьесул агьлуги хвасар гьаби.** نِّعْمَةً مِّنْ عِندِنَا كَذَٰلِكَ نَجْزِي مَن شَكَرَ ۝٣٥

**Гьадинаб лъикIаб жазаъ гьабула дица дида иман лъун, дир нигIматазда жидеца щукру гьабулел гIадамазе.**

**36. Х1акълъунго Дица ЛутIил къавмалъе хIинкъи кьун букIана дир гучаб гIазаб жидеде щвезе бегьулин абун.** وَلَقَدْ أَنذَرَهُم بَطْشَتَنَا فَتَمَارَوْاْ بِٱلنُّذُرِ ۝٣٦

**Гьел дир хIинкъи кьеялде божичIо ва жидее хIинкъи кьолев**

**ЛутІги гьереси гьавуна.**

وَلَقَدۡ رَٰوَدُوهُ عَن ضَيۡفِهِۦ فَطَمَسۡنَآ أَعۡيُنَهُمۡ فَذُوقُواْ عَذَابِي وَنُذُرِ ٣٧

**37. Гьеб къавмалъ ЛутІ аварагасдаса** عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ **тІалаб гьабуна гьесухъе рачІарал гьалбал жидехъе кье абун,** гьезда ливатІ гьабун къабихІаб пиша гьабизе.

**Дица гьезул беразул канлъи ине гьабуна. Жидеца чІаме абе дир гучаб гІазаб ва ЛутІица жидее кьолеб букІараб хІинкъиялъул жазаъ!** «ливатІ» абула бихьиназда яги руччабазда нахъияб рахъалда жимагІ гьабиялда.

Тафсиралъул гІалимзабаца абуна: Аллагьасул салам лъеяв ЛутІ аварагасухъе عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ берцинал гІолохъабазул сипаталда малаикзаби рачІараб мехалъ гьел гІолохъабазда ливатІ гьабизе абун гІедегІун, рекерун рачІана ЛутІил къавм гьесул рукъ бугеб бакІалде. Гьел гьалбадерие къварилъи гьабиялда хІинкъун ЛутІ авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ нахъаса нуцІаги рахан гьеб къавм рукъобе жанибе биччаларого чІана. НуцІа бекизе къасд гьабун гьел лъугьараб мехалъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдалъун Жабраил малаикас гьезул беразда жиндир кваркьиялъул рагІал кІутІана ва гьезул беразул канлъи босун ана. ТІубанго берзул бакІал руччун, бералго рукІинчІел гІадин лъугьана гьезул гьурмал абунги абуна цо гІалимзабаца. Цинги гьезда бичІчІана жидее лъугьараб жо ва гьел гьеб бакІалдаса нахъе ине лъугьана: нух бихьуларого, унеб бакІ ва рахъ лъаларого рортанхъилелги хутІана.

وَلَقَدۡ صَبَّحَهُم بُكۡرَةً عَذَابٞ مُّسۡتَقِرّٞ ٣٨

**38. Х1акълъунго гьезда тІаде рогьалил гІужалъ гучаб гІазабги бачІана. Жиб тІаса унареб, гьезда тІадго жиб чІараб.**

Гьел гІодизе гьарун, гьезул ракІ унтизе гьабун Аллагьс جَلَّ جَلَالُهُ гьездаги абуна:

فَذُوقُواْ عَذَابِي وَنُذُرِ ٣٩

**39. «Нужеца чІаме гьеб дир гІазаб ва дица нужее кьураб хІинкъиялъул жазаъ» – абун.**

وَلَقَدۡ يَسَّرۡنَا ٱلۡقُرۡءَانَ لِلذِّكۡرِ فَهَلۡ مِن مُّدَّكِرٖ ٤٠

**40. Х1акълъунго дица гьаб Къуръан бигьаяблъун гьабун буго жиб цІализе ва жиндасан вагІза босизе. Гьаб Къуръаналъул вагІза босулев чиго гьечІищха?**

Гьал цересел умматазул къиса бицун гьаб Къуръан кІалъараб мехалъ Маккаялъул мушриказ гьелъул пикру кин гьабулареб ва гьединабго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гІазаб ва цим бахъин жидедаги щвеядаса щай хІинкъуларел?

وَلَقَدۡ جَآءَ ءَالَ فِرۡعَوۡنَ ٱلنُّذُرُ ٤١

**41. ХІакълъунго ПиргІавнил къавмалъухьеги**

**рачIана гьезие хIинкъи кьолел расулал.** Муса ва Гьарун عَلَيْهِمَا السَّلَامُ вачIана гьезухъе.

كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا كُلِّهَا فَأَخَذْنَاهُمْ أَخْذَ عَزِيزٍ مُقْتَدِرٍ ﴿٤٢﴾

**42. ПиргIавницаги гьесул къавмальги дица Мусае кьурал киналго мугIжизатал гьереси гьаруна ва гьезда нахъ рилълъинчIо.**

**Цинги дица гьелги гIазабалдалъун ккуна. Гучаб, жиб нахъчIвазе кIолареб гIазаб букIана жиндир къуват гуч бергьарав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьезие гьабураб гIазаб.**

أَكُفَّارُكُمْ خَيْرٌ مِنْ أُولَٰئِكُمْ أَمْ لَكُمْ بَرَاءَةٌ فِي الزُّبُرِ ﴿٤٣﴾

**43. Гьаб Маккаялъул капурзаби лъикIалищха ругел гьел цересел умматаздаса, яги нужее гIазаб букIине гьечIо абун къотIи гьабун зодосан рещтIарал тIахьазда гьеб къотIи хъванищ бугеб?**

أَمْ يَقُولُونَ نَحْنُ جَمِيعٌ مُنْتَصِرٌ ﴿٤٤﴾

**44. Яги гьел мушрикаца абулебищ бугеб ниж гIемерал руго ва ниж бергьине руго абун.**

Жидерго жамагIаталда ва къуваталда божунищ гьел ругел?

سَيُهْزَمُ الْجَمْعُ وَيُوَلُّونَ الدُّبُرَ ﴿٤٥﴾

**45. Гьеб мушриказул жамагIат ва къуват Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **биххизе гьабизе буго ва гьел мугъ бан лъутун инеги руго.**

Гьеб буго Бадруялда гьезде щвезе бугеб гIазаб.

بَلِ السَّاعَةُ مَوْعِدُهُمْ وَالسَّاعَةُ أَدْهَىٰ وَأَمَرُّ ﴿٤٦﴾

**46. Гьеб гIазаб дагьабго жо буго. Ахираталда гьезие букIине бугеб гучаб гIазаб буго гьезие къотIи гьабураб унго-унгояб гIазаб.**

**Гьеб Къиямасеб къоялъул гIазаб цIакъ гучаб ва кьогIаб буго жидее дунялалда щолеб чIвай-хъвеялдаса ва асир гьариялдаса.**

إِنَّ الْمُجْرِمِينَ فِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ﴿٤٧﴾

**47. ХIакълъунго куфру-ширкалдалъун жидеца зулму-пасалъи гьабулел гIадамал дунялалъул рукъор жал къосарал, жундуца ккурал гIадамал руго, ахиратaлдаги гьел жиб боркьараб цIада жанир рукIине руго.**

يَوْمَ يُسْحَبُونَ فِي النَّارِ عَلَىٰ وُجُوهِهِمْ ذُوقُوا مَسَّ سَقَرَ ﴿٤٨﴾

**48. Гьел гьурмазда рехъерхъун жужахIалде реххулеб къо буго гьеб. Гьенире реххун хадуб гьезда абула: «Гьанже нужеца чIаме гьаб жужахIалъул гIазаб» – абун.**

إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَاهُ بِقَدَرٍ ﴿٤٩﴾

**49. ХIакълъунго дица кинабго жо бижун буго жиндие къадар чIезе гьабун.**

Гьеб кинабго жо ЛавхIулмахIфузалда хъвараб ва жиндир авал-ахир лъалеб, жиндир хIукму-къадар баян гьабураб буго. Г1ададисеб щибго жо гьечIо. Жиндир тадбир ва тартиб гьечIого гьабулебги щибго жо гьечIо.

وَمَآ أَمۡرُنَآ إِلَّا وَٰحِدَةٞ كَلَمۡحِۭ بِٱلۡبَصَرِ ٥٠

**50. Дир амруги гьечIо цохIо бер балагьи, яги бер къапи гIадаб жо гурони.**

Дие бокьараб мехалъ цохIо "Кун"(мун бук1а) абун абураб рагIи абун гьеб иш лъугьуна.

وَلَقَدۡ أَهۡلَكۡنَآ أَشۡيَاعَكُمۡ فَهَلۡ مِن مُّدَّكِرٖ ٥١

**51. Х1акълъунго Дица гьалаг гьаруна нужеда релълъарал куфру-ширкалъул гIемерал умматал.**

**Гьеб ишалъул жинца вагIза босулев, пикру гьабулев чиго гьечIищха?**

وَكُلُّ شَيۡءٖ فَعَلُوهُ فِي ٱلزُّبُرِ ٥٢

**52. Гьел гIадамаз гьабураб кинабго гIамал жидер гIамал хъварал кагътазда тIад хъван цIунун буго.**

وَكُلُّ صَغِيرٖ وَكَبِيرٖ مُّسۡتَطَرٌ ٥٣

**53. Гьел гIамалазул кинабго гьитIинабги кIудиябги жо жиб хъван нахъе лъунги буго.**

ЛъикIабги, квешабги, берцинабги, къабихIабги гIамал щибго жо гъоркь течIого жидеца лагъзадерил гIамал хъвалел малаикзабаца хъван хIадурун буго.

إِنَّ ٱلۡمُتَّقِينَ فِي جَنَّٰتٖ وَنَهَرٖ ٥٤

**54. ХIакълъунго Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби алжаназул ахазулъ ва нигIматазул г1оразулъ рукIине руго,**

гьел лъарал лъималъул, рахьдал, гьацIул ва жадул рукIуна.

فِي مَقۡعَدِ صِدۡقٍ عِندَ مَلِيكٖ مُّقۡتَدِرِۭ ٥٥

**55. Жинда разияб, жиб берцинаб ва тIадегIанаб макъамалда рукIине руго.**

**Жиндир къадру-гуч кIудияв, жив хирияв хан – ТIадегIанав Аллагьасда аскIор.**

Жидее щибго хIинкъи гьечIого, жидее Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи щун ва гьесул гьумералда ралагьизеги щун рукIине руго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб макъам нилъееги ризкъилъун гьабеги.

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Къамаралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 55. Сурату РрахIман

سُورَةُ الرَّحۡمَٰنِ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила микьго аят бугеб.*

*Жиб Маккаялда рещтIине гьабураб бугелъул гьаб сураталда жанибги исламияб диналъул аслаби баян гьарун руго: Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо вукIин, аварагзаби* عَلَيْهِمُالسَّلَامُ *ритIухъал рукIин, ахират букIин жиб хIакъаб амру букIин бицун буго.*

*ТIадегIанав Аллагьасул жал гIемерал ва жидее ахир гьечIел, жал рикIкIун хIалкIоларел нигIматал рициналдалъун байбихьи гьабун буго сураталъе.*

*Хадур Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *рижарал махлукъазул цо-цо тайпа бицун гьелдалъун Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *хIалкIолъи гучаб букIин загьир гьабулеб буго: зобал-ракьалъул, бакъ-моцIалъул, ракьалда тIад ругел батIи-батIиял нигIматазул бицен гьабун буго.*

*Гьаб кинабго махлукъ жиб паналъулеб букIин, цохIо БетIергьан Аллагь гурони нахъе хутIулеб жо гьечIолъиялда кантIизе гьарулел руго. Ахираталда муъминзабазул букIунеб хIал, гьезие ругел нигIматал рицун руго. Капурзабазул сипаталги, гьел руссунеб бакIги баян гьабун буго. Сураталъул ахиралда ТIадегIанав Аллагь кIодо гьавиялда, гьев вацIцIад гьавун гьесие рецц гьабиялде кантIизе гьарулел руго: гьев Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *нилъее кьун ругел кIудиял нигIматал ракIалде щун, гьел нилъее кьурав Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *вукIиналде мукIурлъун рукIине.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1. Жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жив цогояв Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго. **Жив цIакъ гурхIулев, «Ар-РахIман» абун жинда цIар бугев.** ٱلرَّحۡمَٰنُ ١

2. **Жинца лагъзадерида Къуръан лъазе гьабуравги вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**.** عَلَّمَ ٱلۡقُرۡءَانَ ٢

Гьаб сураталда жанир тIадегIанав Аллагьас жиндир нигIматал рехсон ругелъул, гьел нигIматазул бищунго кIудияб Къуръанги бугелъул, гьеб Къуръаналъул бицун байбихьи гьабуна гьаб сураталъе. Зодисан рещтIине гьарурал тIахьазул бищунго хирияб буго Къуръан. Жинда

жанир шаргIиял хIукмаби ва диналъул аслаби цIакъ баянго рицарабги буго. дунял паналъизегIан жиб нахъе хутIулеб, жиб хисизе-сверизе гьабуларебги буго. Жиб цIализе бигьаяб, рекIехъе лъазабизе кIолеб, кинавниги муъминчиясда жиндир хIукму бичIчIулебги буго.

**3. Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ инсанги вижана.** خَلَقَ ٱلْإِنسَٰنَ ﴿٣﴾

Инсан вижиналъул аслияб мурадги буго жиндие лагълъи гьабизе гIоло вижин. Жиндир гIакълу бугев, жинда кIалъазе лъалев, жинда бихьулев ва рагIулевлъун вижана. Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ лагълъи гьаби жинда тIадкъазе бегьулев ва гьеб жинда баччизе кIолев гьавуна.

**4. Гьев инсанасда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кинабго жо лъазеги гьабуна:** عَلَّمَهُ ٱلْبَيَانَ ﴿٤﴾

жив кIалъазе лъалев вукIиналдалъун цогидал хIайваназдаса ватIа вахъана ва гьеб кIалъаялдалъун жиндие къваригIараб жо тIалаб гьабизе кIолевлъун гьавуна. Гьаб хирияб Къуръан жинда цIализе кIолев ва гьеб бичIчIулевлъунги гьавуна.

**5. Бакъги моцIги хьвадулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее бихьизе гьабураб, жиб хисулареб, камилаб хIисабалда.** ٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُ بِحُسْبَانٍ ﴿٥﴾

Гьел хьвадиялда жанибги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ халкъалъе кIудияб мунпагIат ва маслихIат буго.

**6. Зодир ругел цIвабиги, ракьалда ругел гъутIбиги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялъе мутIигIлъун жидеца гьесие сужда гьабулеллъун руго.** وَٱلنَّجْمُ وَٱلشَّجَرُ يَسْجُدَانِ ﴿٦﴾

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ бихьизе гьабураб нухалъ цIвабиги хьвадула, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ амруялда рекъон гъутIбуца пихъги кьола.

Цойги магIна гьабуна: ГъветIги херги буго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ сужда гьабулеб абун. Гьаб магIна гьабуна ﴿ٱلنَّجْمُ﴾ абун хералдаги абулеб букIиналъ.

**7. ТIадегIанав Аллагьас зобалги тIаде рорхана** жал мухIканаллъун гьарун, жидер къадру кIудияллъунги гьарун. **ГIадамазе маслихIаталъе гьезда гьоркьоб цIадиро-къали хIалтIизе гьабе абун амруги гьабуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ .** وَٱلسَّمَآءَ رَفَعَهَا وَوَضَعَ ٱلْمِيزَانَ ﴿٧﴾

Щивав чиясе жиндир хIакъ щвезе: цIикIкIун гьечIого, яги нукъсанлъун гьечIого.

**8. Гьел гIадамаз жидеца борцунеб, цIалеб жоялъулъ хIилла-макру гьабичIого букIине.** أَلَّا تَطْغَوْا۟ فِى ٱلْمِيزَانِ ﴿٨﴾

Жидее борцунеб ва цIалеб мехалъ цIикIкIун босичIого букIине.

**9. Нужеца цІадиро-къали битІун чІезе гьабе ва нужеца жиб борцунеб ва цІалеб жо нукъсан гьабун гІадамазе зарал гьабуге!** وَأَقِيمُوا۟ ٱلْوَزْنَ بِٱلْقِسْطِ وَلَا تُخْسِرُوا۟ ٱلْمِيزَانَ ۝٩

Ахираталда цІакъ гучаб гІазаб букІине буго жидеца гьеб цІадиро-къалиялъулъ хІилла гьабулел гІадамазе! Гьаб заман даран-базарги гІемерлъараб, цІадиро-къалиялъул хІилла гьабиги камиллъараб заман буго. Гьеб ахир заманалъул гІаламатаздаса цо гІаламатги буго. ЦІакъ баракат гьечІеб жо букІунаха мискинзабиги гуккун данде гьабураб магІишат: дунялалдаго рекІелбакъвай бихьичІого хутІуларо. Ахираталда цІакъ квешаб гІазабги чІамизе гьабула.

**10. Гьаб ракьги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гІадамаз жиндаса мунпагІат босизелъун бижана.** وَٱلْأَرْضَ وَضَعَهَا لِلْأَنَامِ ۝١٠

Гьез мунпагІат босулеб хІалалъ киналго рахъал рекъезе гьарун тІибитІун гІодобги лъуна.

**11. Гьеб ракьалда т1ад батІи-батІиял пихъал руго, жиндаса чамастак загьирлъулел къучІби (кисты) тІад рижарал чамастакил гъутІбиги руго.** فِيهَا فَٰكِهَةٌ وَٱلنَّخْلُ ذَاتُ ٱلْأَكْمَامِ ۝١١

**12. Хер-накку (салома) жидер букІунел тІорщалил хурзалги руго, гІадамаз махІ сунтІун лазат босулел гІемерал махІал ругеб хер-тІегьги буго.** وَٱلْحَبُّ ذُو ٱلْعَصْفِ وَٱلرَّيْحَانُ ۝١٢

Гьадинал гІемерал ва батІи-батІиял нигІматал рижун руго тІадегІанав Аллагьас исанас жиндаса мунпагІат босизелъун.

**13. Нужер БетІергьан Аллагьасул гьал нигІматаздаса щиб нигІматалдеха нужеца инкар кколеб бугеб ва гьереси гьабулеб бугеб, я гьал гІадамал ва жинал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝١٣

Жинда Аллагь разилъаяв ибну Г1аббасица бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб сурат цІалана жиндир асхІабзабазе. Гьел щибго жаваб гьабичІого руцІцІун чІедал аварагас صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Гьаб щиб нужер хІал! Дида женал рихьулел руго жидеца берцинго жаваб гьабулеллъун, дица цІалараб Къуръаналъе. Дица гьаб аят цІаланщинахъе (13 аб. Аят ва хадурги ругел гьелго аятал) гьел женаз абулеб буго: «Нижеца дур нигІматаздаса щибго жо гьереси гьабулеб гьечІо, я нижер БетІергьан! Кинабго рецціги цохІо дуе буго»* – абун.
ХІадис имам Тирмизияс бицана.

Хирияв аварагасул صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьаб хІадисалъе гІоло нилъее суннатаб

буго щибаб ﴿فَبِأَيِّ﴾ абураб аят цIаланщинахъе гьелъие жаваб гьабун доб женаз абураб рагIи абизе.

**14. ТIадегIанав Аллагьас инсан вижана жиб бакъвараб, щегIалда релълъараб хIащул гIерекъалдаса: жинда жаниб хIухьел пураб мехалъ жиндир гьаракь бахъунеб.** خَلَقَ ٱلۡإِنسَٰنَ مِن صَلۡصَٰلٖ كَٱلۡفَخَّارِ ١٤

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда жаниб жинца Адам авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ вижин баян гьабулаго чанго аят рещтIине гьабун буго. Гьел аятаз бицунеб жоги цоялъ цояб тIубазе гьабулеб ва мухIкан гьабулеб буго. ТIадегIанав Аллагьас ракьги лъимги жубазабуна, цинги гьеб лъугьана кверазда рекIунеб хIарщлъун. Цинги гьеб хIарщ тана жиб махIцун, жиндир кьер хисизегIан ва чIегIеркьераб хIариялда релълъун лъугьинегIан. Хадуб гьеб хIаридал щагIил цIарагI гьабулел гIадамаз гьеб цIарагI гьабулеб гIадин, Адамил къаркъала гьабуна ва гьеб бакъвазегIан тана. Кутакалда бакъван, къвакIун, жинда кIутIараб мехалъ гьаракь бахъунеб, жиндилъ хIухьел пураб мехалъ гьищтIи бахъунеб лъугьараб мехалъ, тIадегIанав Аллагьас гьеб къаркъалаялда жаниб жиндирго рухIалдаса рухI пуна ва гьеб къаркъала чIаголъана. Гьеб магIна буго Къуръаналда жаниб бугеб чанго аяталдаса жиб босулеб гIаммаб магIна.

**15. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ женалги рижана жиб бацIцIадаб, жиндилъ кIкIуй жубачIеб, багIариялъ жиндир кьер чIегIерлъараб цIадул мацIалдаса.** وَخَلَقَ ٱلۡجَآنَّ مِن مَّارِجٖ مِّن نَّارٖ ١٥

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалдаги буго: *«Малаикзаби нуралдаса рижана, женал цIадул мацIалдаса рижана, Адам аварагги* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *нужеда бицараб хIалалъ вижана»* - абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

**16. Нужер БетIергьанасул щиб нагIматха нужеца гьереси гьабулеб?! я гьал гIадамал ва жинал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ١٦

Щибго жо гьереси гьабуларо БетIергьан Аллагь! Кинабго реццги дуе буго!.

**17. Бакъги моцIги баккулеб бакIалъул БетIергьан вуго гьев Аллагь. Гьеб кIиябго тIерхьунеб бакIалъулги бетIергьанги вуго.** رَبُّ ٱلۡمَشۡرِقَيۡنِ وَرَبُّ ٱلۡمَغۡرِبَيۡنِ ١٧

Цоги магIна гьабуна: «Риидалги хасалоги бакъ баккулеб ва риидалги хасалоги бакъ тIерхьунеб бакIалъулги бетIергьан вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ»- абун.

**18. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб? я гьал гIадамал ва жинал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ١٨

Цониги нигIмат гьереси гьабуларо БетIергьан Аллагь! Кинабго реццги дуе буго.

**19. ТIадегIанав Аллагьас кIиго батIияб ралъад цоцада цун хьвадизе биччана:** مَرَجَ ٱلۡبَحۡرَيۡنِ يَلۡتَقِيَانِ ١٩

цояб цIамхIалаб лъим бугеб, цояб гьуинаб, жиб гьекъолеб лъим бугеб. Гьеб кIиябго лъим цоцалъ жубалебги гьечIо.

**20. Гьеб кIиялдаго гьоркьоб Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **пардав гьабун буго нужеда жиб бихьулареб, жинца гьеб кIиябго лъим цоцалъ жубазе толареб.** بَيۡنَهُمَا بَرۡزَخٞ لَّا يَبۡغِيَانِ ٢٠

Ибну Касирица абуна: КIиго ралъад абураб рагIиялдаса мурад буго гьуинабги цIамхIалабги лъим. Ралъадазул лъим цIамхIалаб букIуна, гIорал, иццазул лъим гьуинаб букIуна. Гьеб кIиябго лъим цохIо ракьулъан къватIибе бачIараб, цохIо ракьалда тIад бугеб бугониги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб кIиябго батIа чIезе гьабун буго ва цоцалъ жубан кIиябго пасат гьабун гьечIо. Цоги гIалимзабаца абуна: жиб цоцалъ жубалареб, жиб кIиябго цоцада цун хьвадулеб гьуинабги цIамхIалабги лъим буго абун.

**21. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб, я гьал гIадамал ва женал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٢١

**22. Гьеб ралъдалъан къватIибеги бахъула жиндир къимат бугел, жал берцинал луълуал ва маржанал,** жавгьар-якъутал. يَخۡرُجُ مِنۡهُمَا ٱللُّؤۡلُؤُ وَٱلۡمَرۡجَانُ ٢٢

**23. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٢٣

**24. Гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хIалкIолъиялдалъун хьвадулел руго ралъадалда тIад мугIрул гIадал кIудиял гуми.** وَلَهُ ٱلۡجَوَارِ ٱلۡمُنشَـَٔاتُ فِي ٱلۡبَحۡرِ كَٱلۡأَعۡلَٰمِ ٢٤

Лъималъ гьел кIудиял гумиги гьезда жаниб бугеб къайи-матахIги жинда тIад баччи цо хIикмат буго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел гуми гьалаг гьаричIого жиндир лагъзадерида гурхIун, гьезие квегъун хьвадизе гьари цоги хIикмат буго. Нагагь Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьеб гама ралъдалъ гъанкъизе гьабизе бокьани, гьеб цIунизе кIолев щивго чи вукIунаро.

**25. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб? я гьал гIадамал ва жинал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٢٥

**26. Гьаб ракьалда тIад бугебщинаб жо жиб паналъулеб буго.** كُلُّ مَنْ عَلَيْهَا فَانٍ ۝٢٦

**27. Жиб нахъе хутIулеб жоги цохIо дур БетIергьан Аллагь вуго. Жив хирияв, жиндир къадру кIудияв, жиндир сахавалъи гIаммав.** وَيَبْقَىٰ وَجْهُ رَبِّكَ ذُو ٱلْجَلَٰلِ وَٱلْإِكْرَامِ ۝٢٧

**28. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٢٨

**29. Зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ гьев Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **жиб хIажатаб буго.** يَسْـَٔلُهُۥ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ كُلَّ يَوْمٍ هُوَ فِي شَأْنٍ ۝٢٩

**Жидер хIажатал гьесдаса тIалаб гьабулел руго. Щибаб къоялъ ва щибаб лахIзаталъ тIадегIанав Аллагь жиндир махлукъалъул тадбир гьабулев вуго.** Гьезул хIалал жинда лъалев, гьезул хIажатал тIуралев вуго.

Гьаб аят рещтIине гьабуна шамат къоялъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ щибго иш гьабуларо абураб ягьудиязул рагIи нахъчIван.

**30. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб, я гьал гIадамалги женалги!** Цониги нигIмат гьереси гьабуларо нижеца БетIергьан Аллагь. Кинабго реццги дуе буго. فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٣٠

**31. Нужер хIисаб-мизан гьабизе ахираталда дун регIун вукIине вуго, я гьал женазулги гIадамазулги жамагIат!** سَنَفْرُغُ لَكُمْ أَيُّهَ ٱلثَّقَلَانِ ۝٣١

Гьеб къоялъ бихьила кинаб хIалдай букIуна Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал гIадамазул!

**32. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб? я гьал гIадамал ва жинал!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٣٢

**33. Я гьаб женазулги гIадамазулги жамагIат! Нужеда кIолеб батани Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **къадаралдаса лъутун гьал зобал-ракьазул гIорхъабаздаса къватIире рахъине – гьениса къватIире рахъаха нуж! Нужеда кIоларо гьениса къватIире рахъине нужер** يَٰمَعْشَرَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ إِنِ ٱسْتَطَعْتُمْ أَن تَنفُذُوا۟ مِنْ أَقْطَارِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ فَٱنفُذُوا۟ ۚ لَا تَنفُذُونَ إِلَّا بِسُلْطَٰنٍ ۝٣٣

**цIакъ кIудияб гуч букIун гурони.**

Гьеб гуч нужее кисан букIинеб? Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кьураб гурони нужер гьунар-гуч гьечIо. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир ихтияралда гъоркьан нуж рорчIилеб гIадаб гуч нужееги кьоларо.

Гьаб аяталъул къокъаб магIна буго: нуж киналго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялда, гьесул ихтиялалда гъоркь ругел руго. Нужеда кIоларо гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукму-къадаралдаса рорчIизе.

Гьаб заманаялъ инсан дунялалда сверун свериги, моцIалде тIаде вахинги ва цогидал цIвабзазде ине къасд гьабиги шаргIалда боцун жиб батIулаб жо гьечIо. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ зобалги, ракьги, гьелда тIад бугеб кинабго махлукъги квегъун буго инсанасе ва гьес гьелдаса мунпагIат босулеблъунги гьабун буго. Инсанасе квегъичIеб жо буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъалъул гIорхъаби лъай, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялъул ва гьесул гьунаралъул даража-макъам лъайги. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIелмуялда нахърегIиги кьун гьечIо инсанасе.

**34. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٣٤﴾

**35. Къиямасеб къоялъ нужеде тIаде биччала, я гьал капурал гIадамал, цIадул боркьиги лагь-лагьиги. Жиб биараб пахьги тIола нужер бетIералде тIаде.** يُرۡسَلُ عَلَيۡكُمَا شُوَاظٌ مِّن نَّارٖ وَنُحَاسٞ فَلَا تَنتَصِرَانِ ﴿٣٥﴾

**Цинги нужеда кIоларо гьеб гIазабалдаса рорчIизе ва цоцазе квербакъи гьабизеги.**

**36. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٣٦﴾

37. Къиямасеб къоялъ **Халкъалда сверун лъугьине малаикзаби гIодоре рещтIине зобалги хъвалхьараб мехалъ, гьел зобалги цIакъ багIарлъун ругеб мехалъ.** فَإِذَا ٱنشَقَّتِ ٱلسَّمَآءُ فَكَانَتۡ وَرۡدَةٗ كَٱلدِّهَانِ ﴿٣٧﴾

**БагIараб тIегь гIадин,** яги багIараб тIом гIадин ругеб мехалъ.

**38. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٣٨﴾

**39. Гьеб къоялъ жидеца мунагьал гьарурал гIадамазда ва женазда гьикъуларо нужеца щиб мунагь гьабураб абун.** فَيَوۡمَئِذٖ لَّا يُسۡـَٔلُ عَن ذَنۢبِهِۦٓ إِنسٞ وَلَا جَآنّٞ ﴿٣٩﴾

ГьелгIадамазул сипат-сураталдасаго лъала гьез мунагьал гьарун рукIин:

гьезул гьурмал чIегIерлъун рукIуна, берал цIахIиллъун рукIуна.

**40. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٠﴾

**41. Куфру-ширк гьабурал гIадамал жидер гьумералъул сипаталдалъун лъала.** يُعْرَفُ ٱلْمُجْرِمُونَ بِسِيمَٰهُمْ فَيُؤْخَذُ بِٱلنَّوَٰصِى وَٱلْأَقْدَامِ ﴿٤١﴾
**Гьел г1адамалги жужахIалда тIад тарал малаикзабаца бутIрулги хIатIалги ккун кIи сукIине гьарун жужахIалде жанире рехула.**

**42. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٢﴾

**43. Гьел капурзабаздаги абула: «Гьаб буго куфру-ширкалъул гIадамаз жиб гьереси гьабулеб букIараб жагьаннама» - абун.** هَٰذِهِۦ جَهَنَّمُ ٱلَّتِى يُكَذِّبُ بِهَا ٱلْمُجْرِمُونَ ﴿٤٣﴾

**44. ЖужахIалде рехараб агьлу гьеб боркьараб цIаялдаги, ц1акъ бухIараб хIамималдаги гьоркьор хьвадулел рукIуна.** يَطُوفُونَ بَيْنَهَا وَبَيْنَ حَمِيمٍ ءَانٍ ﴿٤٤﴾
ЦIадул бухIи хIехьезе кIвечIого лъим гьекъезе абун рахъуна гьел хIамималде. Гьеб хIамималъги кинабго чехь-бакь бухIун, добго жужахIалде жанире руссуна.

**45. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб, я гьал гIадамал ва женал!** Цониги нигIмат гьереси гьабуларо нижеца, я БетIергьан Аллагь! Кинабго рецщги дуе буго. فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٥﴾

**46. Ахираталда хIисаб-мизан гьабизе Аллагьасда ﷻ цеве чIезе вукIин лъан, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарав муъминчиясе алжаналда жаниб кIиго ах букIине буго.** وَلِمَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهِۦ جَنَّتَانِ ﴿٤٦﴾
КIиго чIолеб бакI букIине буго: цо живго жанив чIолеб, цо жиндир руччаби ва хъулухъчагIи чIолеб. Дунялалъул рукъоб ханзабазул кIиго кIалгIа букIунеб гIадин. Гьев чиясул гьелдалъун рохел цIикIкIине ва цо бакIалдаса цоги бакIалде ун рекIелгъеялдаги вукIине.

**47. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٧﴾

**48. Жидер гIаркьалаби кIудиял ва керчал гъутIби ругел ахал руго гьел.** ذَوَاتَآ أَفْنَانٍ ﴿٤٨﴾

**49. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٩﴾

**50. Гьеб кІиябго ахалда жанисан кІиго лъел иццги чвахулеб бугеб,** فِيهِمَا عَيْنَانِ تَجْرِيَانِ ﴿٥٠﴾

жиб кІиябго гьекъезе цІакъ гьуинаб, жидедалъун гъутІбиги лъалъалеб.

**51. Нужер БетІергьанасул щиб нигІматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥١﴾

**52. Гьеб кІиябго ахикь киналго пихъаздаса кІирекъарал пихъалги рукІине руго:** فِيهِمَا مِن كُلِّ فَاكِهَةٍ زَوْجَانِ ﴿٥٢﴾

Цо инсанасда дунялалда жиб лъалеб букІараб тІагІам, кьер-махІ бугеб, цогидаб гьев инсанасда жиб лъалебго букІинчІеб тІагІам-лазат бугеб. Жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаяв ибну ГІаббасица абуна: «Ахираталда алжаназда ругел нигІматазул цохІо цІарал рукІуна дунялалда рукІаразда релъарал. Гьел нигІматазул тІагІам-лазат цІакъ батІияб ва лазатаб букІуна»-абун.

**53. Нужер БетІергьанасул щиб нигІматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٣﴾

**54. Тамахал тахазда ругел бусеназда хьибилчІван рукІуна гьеб алжаналъул агьлу. Жидер жанисеб рахъ меседил куналъ бессараб дарайдул бусен буго гьеб.** مُتَّكِئِينَ عَلَىٰ فُرُشٍ بَطَائِنُهَا مِنْ إِسْتَبْرَقٍ ۚ وَجَنَى الْجَنَّتَيْنِ دَانٍ ﴿٥٤﴾

Гьединаб бусеналъул тІасияб рахъ цІакъго берцинаб ва чІухІараб букІинарищха? **Гьезда ахазул пихъги цІакъ гІагарде гьабун букІуна**: вегун вугониги, гІодов чІун вугониги, вахъун чІун вугониги жиндир квер бегьун щолеб бакІалда жиндие бокьараб пихъ букІуна.

**55. Нужер БетІергьанасул кинаб нигІматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٥﴾

**56. Гьел алжаназда жанир жидер бер россасде гурони балагьуларел хІурулгІинзабиги рукІуна. Гьев россасдаса цебе гьелда цоги чиясул, яги женалъул квер хъатІичІел.** فِيهِنَّ قَاصِرَاتُ الطَّرْفِ لَمْ يَطْمِثْهُنَّ إِنسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَانٌّ ﴿٥٦﴾

ГІолилаллъун рукІуна гьел хІурулгІинзаби. Гьел алжаналда жанир рижарал ругелъул гьезда инсан, яги жен кинха хъатІилев?

**57. Нужер БетІергьанасул кинаб нигІматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٧﴾

**58. Жидер берцинлъиялъулъ гьел хІурулгІинзаби якъутазда ва маржаназда релълъунги рукІуна:** كَأَنَّهُنَّ الْيَاقُوتُ وَالْمَرْجَانُ ﴿٥٨﴾

Якъуталъул гIадаб бацIцIадаб, гъорлъан канлъи бихьулеб, маржаналъул гIадаб багIарлъиги жубараб черх букIуна: жидер ракьаялда жаниб бугеб нахги тIасан балагьун бихьулеб гIадаб бацIцIалъи ва берцинлъи букIуна.

**59. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٩﴾

**60. Дунялалъул рукъоб лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясе ахираталдаги гьелдаго релъараб лъикIаб жазаъ гурого букIинищха!** هَلْ جَزَآءُ ٱلْإِحْسَٰنِ إِلَّا ٱلْإِحْسَٰنُ ﴿٦٠﴾

**61. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٦١﴾

**62. Гьеб кIиго ах гуреб цогиги кIиго ах буго гьезулалде жидер макъам бахинчIел.** وَمِن دُونِهِمَا جَنَّتَانِ ﴿٦٢﴾

Доб кIиго ах буго жидер даража-макъам цIакъго тIадегIанал «Ассабикъуна» абулел муъминзабазе: гьел руго кинабго лъикIаб гIамал гьабизе жал цере ккарал, жидер мурад Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи гуреб букIинчIел муъминзаби.

**63. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٦٣﴾

**64. Жидер ахал цIакъ гIурччинал, бецIаб кьералде сверун рукIунел.** مُدْهَآمَّتَانِ ﴿٦٤﴾

Лъим гIураб мехалъ хур-хералъул гIурччинлъи бецIаб букIунеб гIадаб мисал бачин буго гьаб.

**65. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٦٥﴾

**66. Гьеб к1иябго ахикьги жиб чвахулеб ва бурулеб кIиго лъел иццги буго:** فِيهِمَا عَيْنَانِ نَضَّاخَتَانِ ﴿٦٦﴾

гьел иццаздаса Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рокьарал муъминзабаде бацIцIадаб, гьуинаб лъим гуребги махI жиндир гьуинаб миск, кафур ва гIанбарги баккула.

**67. Нужер БетIергьанасул щиб ниг1матха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٦٧﴾

**68. Гьеб кIиябго ахикь пихъал руго, чамастакги буго, румманги буго (граната).** فِيهِمَا فَٰكِهَةٌ وَنَخْلٌ وَرُمَّانٌ ﴿٦٨﴾

**69. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٦٩﴾

**70. Гьел алжаназда жанир жал берцинал, жидер тIабигIат-гIамал лъикIал муъминал руччабиги руго.** فِيهِنَّ خَيْرَٰتٌ حِسَانٌ ٧٠

**71. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٧١

**72. Гьел руго жидер чадиразда жанир рахчун рукIунел хIурулгIинзаби.** حُورٌ مَّقْصُورَٰتٌ فِى ٱلْخِيَامِ ٧٢

**73. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٧٣

**74. Гьел руччабазда жидер россабаздаса цеве щивго инсан, яги жен хъатIун вукIунаро.** لَمْ يَطْمِثْهُنَّ إِنسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَآنٌّ ٧٤

**75. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٧٥

**76. Жал гIодорчIун ва хьибил чIван рукIуна тIохазда тIад лъураб г1урччинаб дарайдул къандалъабазда.** مُتَّكِـِٔينَ عَلَىٰ رَفْرَفٍ خُضْرٍ وَعَبْقَرِىٍّ حِسَانٍ ٧٦

**Жал берцинал, чIухIарал тIансабазда тIадги рукIуна.**

ГIрабиязул гIадат буго кинабго жиндир берцинлъи-лъикIлъи тIокIаб жоялда гIабкъарияб абун абулеб. Цоги абуна: «ГIабкъар» абулеб яманалъул росо букIана жиндир агьлуялъ цIакъ чIухIарал тIансаби рессулеб. Гьелда релълъине гьабуна алжаналъул тIанса. Амма гьаб алжаналъул тIанса жиндие сипат гьабизе лъалареб берцинлъиялъул букIуна.

**77. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб, я гьал гIадамал ва женал?!** فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ٧٧

КинабгIаги нигIмат нижеца гьереси гьабуларо, я нижер БетIергьан! Кинабго рецц дуе буго БетIергьан.

**78. Дур БетIергьан Аллагь жив тIадегIанав ва жив вацIцIадав вуго.** تَبَٰرَكَ ٱسْمُ رَبِّكَ ذِى ٱلْجَلَٰلِ وَٱلْإِكْرَامِ ٧٨

**Жиндир хиралъи ва сахавалъи даимавги вуго.**

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъ гьабеги жив разияб гIамал гьабизе ва жиндир цIоб-рахIмуялдалъун лъикIаб ахиратги кьеги.

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун сурату РрахIманалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

## 56. Суратул ВакъигӀат

سُورَةُ الوَاقِعَةِ

*Гьаб сураталда жаниб аслияб хӀалалъ Къиямасеб къо гӀагарлъараб мехалъ букӀунеб ва гьеб Къиямасеб къо чӀун хадуб букӀунеб хӀал бицун буго.*

*Къиямасеб къоялъ киналго гӀадамал лъабиде рикьун рукӀин бицун ва гьел къукъабазе дагьабго баянги кьолеб буго. Гьел руго жидер гӀамал хъварал кагътал кваранаб рахъалъан кьолел, квегӀаб рахъалъан кьолелги ва «Ассабикъуна» абулел жидер лъикӀаб гӀамал цӀакъго цӀикӀкӀарал гӀадамалги. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ ватиялъе, гьев цо вукӀиналъе ва гьесул хӀалкӀолъиялъе далилал рачун руго.*

*Сураталъул ахиралдаги доб лъабго къокъаялъул хӀал баян гьабун буго, гьезул руссунеб бакӀги бицун буго.*

*Ибну ГӀасакир абурав гӀалимас Ибну МасгӀудил таржама гьабураб (гьесул бицараб) бакӀалда абуна: «Гьав ГӀабдуллагь ибну МасгӀуд унтун вукӀана жив хвараб унтиялъ. Гьесда ваккизе вачӀана жинда Аллагь разилъаяв ГӀусман асхӀаб. Гьес абуна: «Щиб жо бугеб дуе къварилъи гьабулеб, мун зигардизе гьавулеб?» - абун. ГӀабдуллагьица абуна: «Дир мунагьал руго дун зигардизе гьавулел» - абун. Хадубги ГӀусман асхӀабас абуна: «Дур хьул лъураб жо щибха бугеб?» - абун. Гьес абуна: «Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхӀел буго» - абун. ГӀусманица абуна: «Дица духье тохтур ахӀилищха?» - абун. Ибну МасгӀудица абуна: «Гьев тохтур вуго жинца дун унтизе гьавурав чи» - абун. ГӀусман асхӀабас абуна: «Дица дуе дагьаб боцӀи-мал кье абун амру гьабизе бегьиларищ?» - абун. Ибну МасгӀудица абуна: «Дир гьеб боцӀи-малалда щибго хӀажалъи гьечӀо» - абун. ГӀусман асхӀабас абуна: «Гьеб дур ясазе букӀина мун хун хадур хутӀани» - абун. Ибну МасгӀудица абуна: «Мун дир ясал пакъирлъила абун хӀинкъунищ вугев? Дица дир ясазда амру гьабун буго гьез щибаб сордоялъ «Суратул ВакъигӀат цӀале абун» - абун». ХӀадис цӀакъ загӀипаблъун рикӀана Ал-хӀафизул ГӀиракъияс.*

*Аллагь разилъаги гьал хириял асхӀабзабазда, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъги гьезда нахърегӀизе гьареги ва гьелгун цадахъ тӀадеги рахъине гьареги. Амин.*

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

إِذَا وَقَعَتِ ٱلۡوَاقِعَةُ ١
**1. Жиб букIин х1акъаб Къиямасеб къо чIараб мехалъ,**

لَيۡسَ لِوَقۡعَتِهَا كَاذِبَةٌ ٢
**2. гьеб гьереси гьабулев гьеб нахъе ч1валев щивго чи вукIунаро.** Дунялалда гьаб гьереси гьабун хьвадарал гIадамазда гьеб къоялъ жидер бераздa бихьула къиямасеб къоялъул хIинкъи ва захIмалъи, гьеб къоялъ кинавго чияс иманги лъола, гьел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ хIелун, мутIигIлъунги рукIуна. Амма гьеб къоялъ лъураб иманалъ щибго мунпагIат гьабуларо. Гьеб буго жиндилъ жазаъ гьабулеб къо.

خَافِضَةٌ رَّافِعَةٌ ٣
**3. Гьеб къо буго жинца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тущбаби гIодорегIаналлъун гьарун жужахIалде жанире рехулеб, Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъарал муъминзаби алжаналда жанир тIадегIанал макъамаздаги рукIине гьарулеб къо.**

إِذَا رُجَّتِ ٱلۡأَرۡضُ رَجًّا ٤
**4. Гьеб Къиямасеб къоги чIола кутакалда ракь багъарун хадуб.** Жинда тIад бугеб кинабго мина биххулеб хIалалъ, к1алгIабиги хъулбиги ракьалде ртулеб, мугIрулги гьарщун унеб хIалалъ.

وَبُسَّتِ ٱلۡجِبَالُ بَسًّا ٥
**5. Гьел мугIрулги тIутIун ун ханждал хIур гIадин лъугьараб мехалъ,**

فَكَانَتۡ هَبَآءً مُّنۢبَثًّا ٦
**6. Жиб гьаваялда боржанхъулеб хIур гIадин бикь-бикьун гьел мугIрузул ракь-хIарщ араб мехалъ.**

وَكُنتُمۡ أَزۡوَٰجًا ثَلَٰثَةً ٧
**7. Гьеб къоялъ нужги рукIуна, я гьал гIадамал, лъабго батIияб къокъалъун.** Дунялалда нужеца гьабураб гIамалада рекъон тIадегIанав Аллагьас ахираталда нужее гьабула лъабго батIияб даража.

فَأَصۡحَٰبُ ٱلۡمَيۡمَنَةِ مَآ أَصۡحَٰبُ ٱلۡمَيۡمَنَةِ ٨
**8. Цо къукъа буго жидер гIамал хъварал кагътал кваранисан кьолел. Щибха бугеб гьеб кваранисa кагътал кьолеб къокъа? Щиб гIамал букIараб гьез дунялалда гьабураб?**

وَأَصۡحَٰبُ ٱلۡمَشۡـَٔمَةِ مَآ أَصۡحَٰبُ ٱلۡمَشۡـَٔمَةِ ٩
**9. Цо къукъа буго жидер гIамал хъварал кагътал квегIаб рахъалъан кьолеб? Гьеб щиб къукъаха бугеб? Кинаб гIамал гьез гьабулеб букIараб?**

وَٱلسَّٰبِقُونَ ٱلسَّٰبِقُونَ ١٠
**10. Жал алжаназул тIадегIанал даража-макъамалде цере кколел, х1исаб-мизанго**

**гьабичIого гьеб макъам жидее кьолеб къукъа буго дунялалда лъикIаб гIамал гьабизе жал цере кколел рукIарал гIадамал.**

**11. Гьел руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда гIагар гьарулел муъминзаби.** أُوْلَٰٓئِكَ ٱلۡمُقَرَّبُونَ ١١

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ГIарщалъул рагIад жидее букIунел.

**12. Бищунго хирияб алжаналда жанир жал рукIунелги руго гьел.** فِي جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ١٢

**13. ГIемерал гIадамал цересел умматазул руго гьел ﴿ٱلسَّٰبِقُونَ﴾.** ثُلَّةٞ مِّنَ ٱلۡأَوَّلِينَ ١٣

**14. Дагьалго гIадамал гьаб ахираб умматалъулги руго.** وَقَلِيلٞ مِّنَ ٱلۡأٓخِرِينَ ١٤

Гьаб умматалдаса цере гIемерал аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ рукIиндал, гьезда иман лъурал гIадамалги гIемерал рукIунелъул абураб рагIи буго гьаб цересел умматазул «ассабикъунал» гIемерал руго абун. Цоги магIна гьабуна: ассабикъунал гьаб МухIаммадил صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ умматалъул авалал гIадамаздаса гIемерал руго абун. Гьел хириял асхIабзаби рукIиндалго, гьезул Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъи ва гьесие мутIигIлъи гIемераб букIана.

**15. Меседалъ рессарал (къачIарал) тахазда тIад рукIуна.** عَلَىٰ سُرُرٖ مَّوۡضُونَةٖ ١٥

**16. Гьел тахазда хьибил чIван, цоял цоязда данде ритIунги рукIуна.** مُّتَّكِـِٔينَ عَلَيۡهَا مُتَقَٰبِلِينَ ١٦

Муъминзаби цоцаде балагьун, цоцаде ракIгъун, рохун рукIуна. Гьезул цоясул мугъ цогидасда бихьуларо.

**17. Алжаналда жанир даимго рукIунел гъилманалги гьезда тIаде хьвадулел рукIуна.** يَطُوفُ عَلَيۡهِمۡ وِلۡدَٰنٞ مُّخَلَّدُونَ ١٧

**18. Жидеда кодоб батIи-батIияб гьекъолеб жо жаниб бугел лълъаралги (бокалал) рукIуна, сурахIал (графин) ва налбекалги (чаши) рукIуна. Жиб чвахун унеб гьекъолеб жоялъул цIун рукIуна гьел.** بِأَكۡوَابٖ وَأَبَارِيقَ وَكَأۡسٖ مِّن مَّعِينٖ ١٨

**19. Гьеб алжаналъул гьекъолеб жоялдалъун жидер бетIерги унтуларо, гIакълуги хисуларо.** لَّا يُصَدَّعُونَ عَنۡهَا وَلَا يُنزِفُونَ ١٩

Дунялалъул гьекъолеб жо жиб гьекъезе кьогIаб, махIцараб букIуна, жиб гьекъон хадуб гIакълуги ине гьабулеб, жиндир мехтел тIаса араб мехалъ бетIер унтулебги букIуна.

**20. Жидее бокьараб щинаб пихъги букIуна гьел** وَفَٰكِهَةٖ مِّمَّا يَتَخَيَّرُونَ ٢٠

**муъминзабазе.**

**21. Жидер хьул лъураб боржунеб жоялъул гьанги букIуна.** وَلَحۡمِ طَيۡرٖ مِّمَّا يَشۡتَهُونَ ﴿٢١﴾

Гьеб боржунеб жо гурелъулги жидер къасд ккараб гьан букIуна алжаналъул агьлуялъе.

Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас бицараб хIадисалда буго: *«Дуда алжаналда жаниб боржанхъулеб цо хIинчI бихьараб мехалъ ва гьелъул гьан бугеб анищ дуе абун дур ракIалдаги хъатIараб мехалъ, гьеб хIинчI бежун, белъун дуда цебе босун бачIуна»* – абун. Х1адис имам Баззарица бицана.

**22.23. Жиндир лъелалда жаниб бахчун бугеб луълуалъул гIадаб жидер берцинлъи бугел хIурулгIинзабиги рукIуна.** وَحُورٌ عِينٞ ﴿٢٢﴾ كَأَمۡثَٰلِ ٱللُّؤۡلُوِ ٱلۡمَكۡنُونِ ﴿٢٣﴾

**24. Гьеб кинабго нигIмат жал цере ккарал муъминзабазе букIуна жидеца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалъе жазаълъун.** جَزَآءَۢ بِمَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ﴿٢٤﴾

**25. Жидеда гьеб алжаналда жаниб гIададисеб ва жиндилъ мунагь хIакъ букIунеб калам рагIуларо.** لَا يَسۡمَعُونَ فِيهَا لَغۡوٗا وَلَا تَأۡثِيمًا ﴿٢٥﴾

**26. Жидеда гьениб рагIулеб калам буго «салам-салам» абун цоцаде абулеб рагIи.** إِلَّا قِيلٗا سَلَٰمٗا سَلَٰمٗا ﴿٢٦﴾

Гьаб бакIалда «Ассабикъуна» абулел муъминзабазул бицен тIубана.

**27. Жидер гIамал хъвараб кагъат кваранаб рахъалъан кьурал гIадамал. Щал гIадамалха гьел кколел? Кинал нигIматал гьезие хIадурун ругел?** وَأَصۡحَٰبُ ٱلۡيَمِينِ مَآ أَصۡحَٰبُ ٱلۡيَمِينِ ﴿٢٧﴾

**28. Жидер заз тIаса къотIараб сидруялъул гъотIол рагIдукь рукIуна гьел.** فِي سِدۡرٖ مَّخۡضُودٖ ﴿٢٨﴾

Сидру буго (лотос) дунялалда жинда тIад зазги бижулеб, жиндир тIанхал кIудияб, рагIадги гIемераб гъветI. Ахираталда гьеб гъветIалъул заз букIунаро.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: цо агIрабияв аварагасухъе ﷺ вачIана ва гьес абуна: *«Ярасуллаллагьи! Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *абулеб буго алжаналда жаниб жинца инсанасе зарал гьабулеб гъветI буго» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Щиб гъветI гьеб?» - абун. Дов чияс абуна: «Гьеб буго сидроялъул гъветI. Гьеб гъветIалда тIад заз букIуна» - абун. Аварагас* ﷺ

*абуна: «ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб гьечIищ «Жиндир заз къотIараб сирдо» абун. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьелъул зазги тIаса ине гьабун гьеб щибаб заз букIараб бакIалда пихъ бижине гьабула. Гьеб пихъги лъабкъоялда анцIила кIиго батIияб кьер ва тIагIам бугеб букIуна, цояб цоялда релълъарабги букIунаро»* - абун. ХIадис ХIакимица ва Байгьакъияс бицана.

**29. Жиб пихъил цIураб бананалъул гъветIалъул рагIдукьги рукIуна.** وَطَلْحٍ مَّنضُودٍ ﴿٢٩﴾

**30. Жиб даимаб, жиб кидаго тIаса унареб рагIадалъулъ рукIуна гьел.** وَظِلٍّ مَّمْدُودٍ ﴿٣٠﴾

Алжаналда жаниб бакъ букIунаро, гьениб канлъиги нуралъул букIуна: канлъи букIуна, гьеб канлъи жинца кьолеб жо гьезда бихьуларо. Гьеб букIуна тIадегIанав Аллагьасул нур.

**31. Жиб чвахун унеб лъимги букIуна.** وَمَآءٍ مَّسْكُوبٍ ﴿٣١﴾

**32.33. Жиб гIемераб, нахъасан къотIулареб ва жиб босизе гьукъулареб пихъги букIуна.** وَفَٰكِهَةٍ كَثِيرَةٍ ﴿٣٢﴾ لَّا مَقْطُوعَةٍ وَلَا مَمْنُوعَةٍ ﴿٣٣﴾

Алжаналъул пихъ жиб кванана абун дагьлъулеб букIунаро. Гьединабго буго алжаналъул кинабго нигIмат: цо нигIмат босараб бакIалда цоги гьелда релълъараб лъолеб. Ал КъуртIуби абулев гIалимас абуна: гIарабиял рукIиндал салул авлахъазда гIумру гьабулел, гIемер къварилъи бихьун гурони жидее лъимги щоларел, гъутIбузул рагIадги, гьезул пихъги щоларел, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезие къотIи гьабулеб буго ахираталда гьезие алжаналъул ахал рукIине руго абун жидеда жанисан лъим хьвадулел, жидер пихъ гьарзаял ва рагIад даимал.

**34. Жал рорхатал тахазда тIамурал бусеналдаги рукIуна.** وَفُرُشٍ مَّرْفُوعَةٍ ﴿٣٤﴾

**35. Х1акълъунго Дица алжаналъур руччаби цIидаса рижана.** إِنَّآ أَنشَأْنَٰهُنَّ إِنشَآءً ﴿٣٥﴾

Дунялалда гьезул букIунеб букIараб унта-щокълъи, гъиз-лъим тIаса ине гьабуна. ГIолохъанал, берцинал гьаруна.

**36. Гьел киналго руччаби гIолилаллъунги гьаруна, гьезул гIолиллъи тIаса унаребги гьабуна.** فَجَعَلْنَٰهُنَّ أَبْكَارًا ﴿٣٦﴾

**37. Жидер россабазулгун гIелбащадал, жидее россаби цIакъ рокьулелги гьаруна.** عُرُبًا أَتْرَابًا ﴿٣٧﴾

Алжаналъул агьлу киналго лъебералда лъабго сонил гIумруялде руссине гьарула ва гьеб гIумруялъул гIорхъода рукIуна.

Жинда Аллагь разилъаяй Умусаламатидаса бицараб хIадисалда буго: *дица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана гьаб 35, 36, 37 аяталъ бицараб жоялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я Умусаламат! Гьел руччаби руго дунялалда рукIадго жал херлъун, сурукълъун, тIом букIкIун, мугъ къулун хварал руччаби. Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьел тIаде рахъине гьарула жал цIакъ росабазе рокьулеллъун, гьезулгун сонал бащадаллъун»* - абун. Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Цоги хIадисалда буго. *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе цо херай гIадан ячIана ва гьелъ абуна: «Я расулуллагьи! Дуца Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *гьаре дун алжаналде лъугьине гьае» - абун. Гьелда аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ *абуна: «Я пуланасул эбел! Алжаналде жанире херал гIадамал лъугьунаро» - абун. Цинги гьей гIодулаго нахъе ине лъугьиндал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужеца гьелда абе гьей алжаналде жание херайлъун лъугьине гьайизе гьечIо» - абун. Цинги аварагас* صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ *гьал аяталги цIалана (35, 36, 37).* Х1адис имам Тирмизияс бицана.

Гьал руччаби цIидасан рижун гьадинал берцинал ва жал росабазе рокьулеллъун дица гьаруна абун.

**38. Жидер гIамал хъвараб кагъат кваранисa кьурал гIадамазе.** لِّأَصۡحَٰبِ ٱلۡيَمِينِ ۝٣٨

**39. Гьел руго цересел умматазул жамагIат** ثُلَّةٞ مِّنَ ٱلۡأَوَّلِينَ ۝٣٩

**40. Ва гьаб МухIаммадил** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ **умматалъул жамагIатги.** وَثُلَّةٞ مِّنَ ٱلۡأٓخِرِينَ ۝٤٠

Гьаб бакIалда кваранисa кагътал кьурал муъминзабазул бицен тIубана.

**41. КвегIаб рахъалъан жидехъе кагътал кьурал гIадамал. Щал гIадамалха гьел ругел ва щибжо гьезие ахираталда хIадурун бугеб?** وَأَصۡحَٰبُ ٱلشِّمَالِ مَآ أَصۡحَٰبُ ٱلشِّمَالِ ۝٤١

**42. Гьел рукIине руго боркьараб жужахIалъул цIаялъулъ ва жиб расул кьибилалда жанибе лъугьунеб махIалъулъги. Жиндир бухIи ва махIцин цIакъаб хIамималъулъги (гьекъолеб жо).** فِي سَمُومٖ وَحَمِيمٖ ۝٤٢

**43. ЖужахIалъул кIкIуялъул бухIараб рагIадалъулъги рукIине руго.** وَظِلّٖ مِّن يَحۡمُومٖ ۝٤٣

**44. Жинда жаниб щибго гьогьен гьечIеб ва жиндир щибго лъикIлъиги гьечIеб.** لَّا بَارِدٖ وَلَا كَرِيمٍ ۝٤٤

Гьаб гIазабалъе гьел хIакъаллъун ккеялъе сабабги буго:

**45. ХIакълъунго гьел дунялалъул рукъор, жидее гIемерал нигIматал кьурал рукIин.** إِنَّهُمْ كَانُوا۟ قَبْلَ ذَٰلِكَ مُتْرَفِينَ ﴿٤٥﴾
**Жидер напсалъе бокьарабщинаб жо гьабун, гьелъул лазат-шагьват тIубан хьвадарал рукIин.**

**46. ЦIакъ кIудияб мунагьлъун жиб бугеб ширкалда тIад чIаралги рукIана гьел.** وَكَانُوا۟ يُصِرُّونَ عَلَى ٱلْحِنثِ ٱلْعَظِيمِ ﴿٤٦﴾

**47. Гьез абулеб букIана: «Ниж хвезеги хун ракьлъунги, турарал рукьбилъунги лъугьараб мехалъ ниж цIидаса тIадейищ рахъине гьарулел?» - абун.** وَكَانُوا۟ يَقُولُونَ أَئِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَٰمًا أَءِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ﴿٤٧﴾

**48. Нижедаги цере хварал нижер умумулгиййищ тIаде рахъине гьаризе ругел абунги абулеб букIана гьез.** أَوَءَابَآؤُنَا ٱلْأَوَّلُونَ ﴿٤٨﴾
Гьеб букIана жидеца ахират букIиналда инкар гьабун абулеб рагIи.

**49.50. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: ХIакълъунго цереселги хадуселги киналго данде гьаризе руго жиб къотIи гьабураб, жиндилъ жазаъ гьабулеб къиямасеб къоялъ»-абун.** قُلْ إِنَّ ٱلْأَوَّلِينَ وَٱلْءَاخِرِينَ ﴿٤٩﴾ لَمَجْمُوعُونَ إِلَىٰ مِيقَٰتِ يَوْمٍ مَّعْلُومٍ ﴿٥٠﴾

**51. ХIакълъунго цинги нужеца, я гьал къосарал ва Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ аварагзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьарулел гIадамал,** ثُمَّ إِنَّكُمْ أَيُّهَا ٱلضَّآلُّونَ ٱلْمُكَذِّبُونَ ﴿٥١﴾

**52. ЖужахIалъул закъум абулеб гъветIалдаса кваназе буго.** لَءَاكِلُونَ مِن شَجَرٍ مِّن زَقُّومٍ ﴿٥٢﴾

**53. Цинги нужеца гьеб квешаб, хъубаб тIагIамалъул чехьги цIезабизе буго.** فَمَالِـُٔونَ مِنْهَا ٱلْبُطُونَ ﴿٥٣﴾

**54. Гьелда тIаде бухIараб, махIцараб хIамимги гьекъезе буго.** فَشَٰرِبُونَ عَلَيْهِ مِنَ ٱلْحَمِيمِ ﴿٥٤﴾

**55. Гьеб хIамим нужеца гьекъезе буго лъим гьекъон жал гIорцIуларел, къечарал варанабаз гIадин.** فَشَٰرِبُونَ شُرْبَ ٱلْهِيمِ ﴿٥٥﴾

**56. Гьаб буго Къиямасеб къоялъ гьезие гьабизе бугеб гьоболлъи,** гьедин хира гьаризе руго жидеца жужахI тIаса бищарал куфру-ширкалъул гIадамал. Гьаб закъумалъулги хIамималъулги хабар цебеги бицун букIиндал гьаниб къокъ гьабун толеб буго. هَٰذَا نُزُلُهُمْ يَوْمَ ٱلدِّينِ ﴿٥٦﴾

Гьал капурзабазе букIунеб гIазаб бицун хадуб тIадегIанав Аллагьас

гьезие жиндир хIалкIолъиялъул бицунеб буго ва гьез иман лъезе бокьун берцинаб вагIзаги гьабулеб буго.

**57. Дица рижана нуж киналго. Щибго жо гьечIеб бакIалдаса нуж рижарав дица хун хадур нуж тIаде рахъине гьарила абураб рагIи нужеца щай ритIухъ гьабулареб?** نَحْنُ خَلَقْنَٰكُمْ فَلَوْلَا تُصَدِّقُونَ ۝٥٧

**58. Нужеда бихьулярищ ва нужеца пикру гьабулярищ нужеца къватIибе рехулеб манидал къатIраялъул.** أَفَرَءَيْتُم مَّا تُمْنُونَ ۝٥٨

Гьеб къатIра буго чорхолъан къватIибе бачIунеб лъим гIадаб, гIетI гIадаб жо. Гьеб къатIра чIужугIаданалъул рахIмоялде жанибе ккараб мехалъ гьениб гьелъул манидал къатIрагун цолъун жиб кIудияб гIола ва жиндаса инсан лъугьуна.

**59. Гьеб манидул къатIра инсанлъун бижине гьабулел нужищха ругел, яги дунищ вугев дица гьеб бижине гьабулев ва гьелда рухI лъолев?** ءَأَنتُمْ تَخْلُقُونَهُۥٓ أَمْ نَحْنُ ٱلْخَٰلِقُونَ ۝٥٩

ХIакъаб жо буго тIадегIанав Аллагь вуго жинца гьеб бижине гьабулев ва гьелда рухI лъолев.

Гьеб амру гьадин бугелъул щайха Маккаялъул мушриказ иман лъолареб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хун хадур тIаде рахъине гьаризе рук1иналда?!

**60. Дица нужеда гьоркьоб хвел къадар гьабун буго:** гьеб тIаде щолареб щибниги жо букIине гьечIо. Гьеб хвелалъе кинавниги инсан цоцаде ващадав вуго. ЧIухIарав ханги гIодовегIанав лагъги гьеб хвалида цеве цохIо хIалалъ чIола. Бечедав-мискинав, къадру-къимат бугев чи гьелъ ватIа гьавуларо. **Дун щибго жоялъ гIажизги гьавуларо,** نَحْنُ قَدَّرْنَا بَيْنَكُمُ ٱلْمَوْتَ وَمَا نَحْنُ بِمَسْبُوقِينَ ۝٦٠

**61. Дица нужги гьалаг гьарун нужер бакIалда цоги нужедаго релълъараб халкъ бижиналдаса. Ахираталда нуж цIидаса рижиналдасаги дун щибго жоялъ гIажиз гьавуларо. Гьеб цIидасан рижи нужеда жиб лъалареб, нужер гIакълу жинда хадуб гьолареб хIалалъ букIинеги бегьула.** عَلَىٰٓ أَن نُّبَدِّلَ أَمْثَٰلَكُمْ وَنُنشِئَكُمْ فِى مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝٦١

**62. ХIакълъунго нужеда бихьана ва нужеда лъала нуж тIоцебесеб нухалъ кин рижаралали.** وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ ٱلنَّشْأَةَ ٱلْأُولَىٰ فَلَوْلَا تَذَكَّرُونَ ۝٦٢

Щибго жо гьечIеб бакIалдаса рижана, цохIо манидал къатIраялдасаги рижана. **Гьеб амруялъул вагIза лъугьунеб анищха нужее!** Щибго

жо гьечIеб бакIаладса жинца нуж рижарав Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ хун хадур тIаде рахъине гьаризе кIолеблъи кин нужеда бичIчIулареб?

**63. Нужеда бихьуларищ ва нужеца пикру гьабуларищ гьаб нужеца бекьулеб хуралъул?** أَفَرَءَيْتُم مَّا تَحْرُثُونَ ﴿٦٣﴾

**64. Нужищха ругел гьеб ракьулъе рехараб мугь бижине гьабулел гIадамал, яги Дунищ вугев Дица гьеб бижине гьабулев?!** ءَأَنتُمْ تَزْرَعُونَهُۥٓ أَمْ نَحْنُ ٱلزَّٰرِعُونَ ﴿٦٤﴾

**65. Дие бокьун букIараб ани дица гьеб хуриб бижараб жо жиб бакъвараб, турун гIодобе араб херлъун гьабилаан.** لَوْ نَشَآءُ لَجَعَلْنَٰهُ حُطَٰمًا فَظَلْتُمْ تَفَكَّهُونَ ﴿٦٥﴾

**Цинги нужги рукIинаан гьелда гIажаиблъун, ракI къварилъун.**

**66. Х1акълъунго нужецаги абизе букIана нижеде тIаде рецIел кканаха абун.** إِنَّا لَمُغْرَمُونَ ﴿٦٦﴾

Гьеб хур бекьулаго гьабураб харжги, гьениб хьараб хьонги гIадада хун бугелъул. Цоги магIна гьабуна: «Нижее Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гIазаб гьабунаха» - абун абизе буго нужеца»-абун.

**67. Ниж ризкъиялдаса махIрум гьарун руго абунги абилаан нужеца.** بَلْ نَحْنُ مَحْرُومُونَ ﴿٦٧﴾

Хуриб хьараб хьон хвараб гIечIого кодоб хутIарабги хIалтIухъ мухьлъун кьезе ккун букIиналдалъун.

ТIадегIанав Аллагьас гьеб хIалалда нужер хур-хер бакъвазе гьабун хвезе гьабулеб мехалъ гьеб гьукъизе кIоларел нуж рукIин лъараб мехальги гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман щай лъолареб ва гьес нужее кьурал гIемерал нигIматазда данде щукруги кин гьабулареб?

**68. Гьаб нужеца жиб гьекъолеб лъимгIаги бихьуларищ нужеда ва гьелъул пикру гьабуларищ?** أَفَرَءَيْتُمُ ٱلْمَآءَ ٱلَّذِى تَشْرَبُونَ ﴿٦٨﴾

**69. Гьаб зодисан рещтIине гьабурал гIадамал нужищха ругел, яги Дунищ вугев Дица гьеб лъим рещтIине гьабурав?!** ءَأَنتُمْ أَنزَلْتُمُوهُ مِنَ ٱلْمُزْنِ أَمْ نَحْنُ ٱلْمُنزِلُونَ ﴿٦٩﴾

**70. Дие бокьараб ани Дица гьеб лъим гьабилаан цIакъ цIамхIалаб, кьогIаблъун. Жиб гьекъезе кIолареблъун гьабилаан.** لَوْ نَشَآءُ جَعَلْنَٰهُ أُجَاجًا فَلَوْلَا تَشْكُرُونَ ﴿٧٠﴾

**Гьадинаб гьуинаб, жиб гьекъезе бигьаяб, жиб гьекъон къеч хьвалеб лъим нужее кьурав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щукру кин нужеца гьабулареб?**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас лъим гьекъолеб мехалъ абулеб букІана: *«Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго, жиндир цІоб-рахІматалдалъун нилъеда гьединаб лъим гьекъезе гьабурав ва нилъер мунагьал сабаблъун жинца гьеб лъим цІамхІалаб, кьогІабги гьабичІев»* - абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

**71. Гьаб нужеца жиб бакулеб цІагІаги бихьуларищ нужеда ва нужеца гьелъул пикруги гьабуларищ?!** أَفَرَءَيْتُمُ ٱلنَّارَ ٱلَّتِى تُورُونَ ﴿٧١﴾

**72. Гьеб цІа жиндаса бакулеб гъветІ нужецайищха бижараб, яги Дунищ вугев Дица гьеб гъветІ бижизе гьабурав?!** ءَأَنتُمْ أَنشَأْتُمْ شَجَرَتَهَآ أَمْ نَحْنُ ٱلْمُنشِـُٔونَ ﴿٧٢﴾

Жинда Аллагь разилъаяв ибну Г1аббасица абуна: «Цониги гъветІ ва заз-хъарахъ гьечІо жинда жаниб цІа бугеб букІун гурони, цохІо гІунаб абулеб гъветІ гурони»-абун (Ююба, Униба).

Ибну Касирица абуна: «Г1арабияз жиндасан цІа рекІине гьабулеб кІиго гъветІ букІана–Алмархху ва АлгІафар. Гьеб кІиябго гъветІалдаса бахъун кІиго хьоп цоцада лъулъараб мехалъ гьезда гьоркьоса цІадул хІенхІал гьурщулаан»-абун.

**73. Дица гьеб дунялалъул цІа гьабуна жиндаса вагІза босулеблъун,** гьеб цІа бихьараб мехалъ муъминзабазда ахиратги, гьениб букІунеб жужахІалъул цІаги ракІалде щола. **Гьеб цІаялдаса мунпагІат босизе бокьарал гІадамаз гьелдаса мунпаг1ат босулеблъунги гьабуна.** Рукъор ругониги, сапаралда ругониги гьеб цІаялдаса мунпагІат босула гІадамаз. Гьеб цІа инсанасе квегъиги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хІикматалдаса цо хІикмат буго. Гьелъул пикру гьабурав чиясеги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хІалкІолъиялда тІоритІел гьабулел далилал руго. نَحْنُ جَعَلْنَٰهَا تَذْكِرَةً وَمَتَٰعًا لِّلْمُقْوِينَ ﴿٧٣﴾

**74. Дуца дур БетІергьан Аллагьасе тасбихІ гьабе, МухІаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жиндир къадру кІудияв, жиндир гьунар ва гуч камилав.** فَسَبِّحْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلْعَظِيمِ ﴿٧٤﴾

Гьев Аллагьасдехун جَلَّجَلَالُهُ мушрикаца гІунтІизе гьарулел, гьесие мукъсанлъи бачІунел сипатаздаса дуца гьев вацІцІад гьаве. Дуца абе: «СубхІаналлагьи! Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вацІцІадав ва тІадегІанав вуго жинца гьел цере рехсарал жал рижарав жиндир къудраталдалъун. Жинца инсанасе гьелги квегъарав жиндир хІикматалдалъун. СубхІаналлагьи, мун цІакъ кІудияв вуго ва дур ханлъиги гьунарги кІудияб буго»-абун.

**75. Дун гьедулев вуго цIваби хьвадулел нухаздалъун ва гьел жиндилъ рещтIунел бакIаздалъунги.** ۞ فَلَآ أُقۡسِمُ بِمَوَٰقِعِ ٱلنُّجُومِ ﴿٧٥﴾

**76. Х1акълъунго гьаб гьа гьедиги цIакъ кIудияб гьа гьеди бугоха! Нуж жо лъалел ва бичIунел гIадамал рук1аралани** нужеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъелаан ва гьесдехун къацандиги телаан. Гьаб гьа гьедиги буго: وَإِنَّهُۥ لَقَسَمٌ لَّوۡ تَعۡلَمُونَ عَظِيمٌ ﴿٧٦﴾

**77. Х1акълъунго гьаб нужее МухIаммадица** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **цIалулеб бугеб тIехь жиб хирияб Къуръан буго.** إِنَّهُۥ لَقُرۡءَانٞ كَرِيمٞ ﴿٧٧﴾

Гьеб тIадегIанав Аллагьасул каламги буго. Мушрикаца абухъин гьеб гьереси гьечIо, сихIруги гьечIо, жиб инсанас ургъараб хабарги гьечIо.

**78. Жиб цIунараб тIехьалда жаниб хъван бугебги буго.** فِي كِتَٰبٖ مَّكۡنُونٖ ﴿٧٨﴾

Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб бугеб ЛавхIулмахIфузалда хъван буго. Нилъеца цIалулел Къуръаназдаги хъван буго. Жиндилъ хис-бас гьабиялдаса цIунун буго гьеб Къуръан.

**79. Гьеб тIехьалда квер хъатIуларо жал рацIцIадал гIадамаца гурони.** لَّا يَمَسُّهُۥٓ إِلَّا ٱلۡمُطَهَّرُونَ ﴿٧٩﴾

Какие чури букIун гурони гьелда квер хъатIуларо. Гьелъие далил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Г1амру ибну Х1азм абулев асхIабасухъе хъвараб кагъат. Гьелда жаниб буго: «Къуръаналда квер хъвачIого букIине жив вацIцIадав чияс гурони» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1умарицаги абуна: «Дуца Къуръаналда квер хъатIуге мун вацIцIадав вукIун гурони» - абун. Г1алимзабаца гьеб рацIцIалъиялъе магIна гьабуна какие чурун вукIин. Черх чури тIад бугев чияс квер хъатIизе бегьуларо ва кIалалъ Къуръан цIализеги бегьуларо. Какие чури гьечIев чияс кIалалъ Къуръан цIализе бегьула, гьелда квер хъвачIого цIалулеб бугони.

**80. Гьаб Къуръан буго кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун жив вугев Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **рещтIине гьабураб тIехь.** تَنزِيلٞ مِّن رَّبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٨٠﴾

**81. Гьаб хирияб Къуръанищха нужеца гьереси гьабулеб, я гьаб инкарчагIазул жамагIат?!** أَفَبِهَٰذَا ٱلۡحَدِيثِ أَنتُم مُّدۡهِنُونَ ﴿٨١﴾

**82. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее кьураб ризкъиялда щукру гьабичIого, гьелда инкар ккун, гьебги нужеца гьереси гьабулеб бугоха!** وَتَجۡعَلُونَ رِزۡقَكُمۡ أَنَّكُمۡ تُكَذِّبُونَ ﴿٨٢﴾

Гьеб ризкъи нужее кьолев Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ нужеца инкар кколеб буго. Нижее ц1ад рещт1изабуна цо пуланаб ц1ваялъ абун. Яги нижее ризкъи кьуна цо пуланаб жоялъ абун.

**83. Цо нужее вокьулев чиясул малаикзабаца рухI бахъулеб букIун, гьеб рухI щокъробе щун бугеб мехалъ,** فَلَوۡلَآ إِذَا بَلَغَتِ ٱلۡحُلۡقُومَ ﴿٨٣﴾

**84. Нужги гьеб бакIалда гьесда тIаде ралагьун ругеб мехалъ,** وَأَنتُمۡ حِينَئِذٖ تَنظُرُونَ ﴿٨٤﴾

**85. Нужеда вихьулев гьечIониги нужедасаги гIагарда дунги вугеб мехалъ гьев жиндир рухI босулев чиясда.** وَنَحۡنُ أَقۡرَبُ إِلَيۡهِ مِنكُمۡ وَلَٰكِن لَّا تُبۡصِرُونَ ﴿٨٥﴾

Дир гIелмуялдалъун дида гьесул хIал нужедасаги лъикI лъалеб букIуна.

**86. Нуж тIаде рахъине гьарун нужер гIамалазе жазаъ гьабулареллъун ратани (нужеца абулеб бугеб хIалалъ),** فَلَوۡلَآ إِن كُنتُمۡ غَيۡرَ مَدِينِينَ ﴿٨٦﴾

**87. Нужеда кIвезе букIана гьев нужее вокьарав чиясул рухI бахъизе биччачIого жиндирго бакIалда буссине гьабизе нуж битIараб жо бицунел гIадамал рукIаралани.** تَرۡجِعُونَهَآ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ﴿٨٧﴾

Гьал аятазул (83-87) къокъаб магIна буго нужеца инкар ккун абулеб буго ахиратги гьечIо, хIисаб-мизанги гьечIо, гIамалазда рекъон жазаъги гьабизе гьечIо абун. Гьеб нужер рагIи битIараб батани ва нужер ихтияралда щибниги амруги батани нужеца тIаде нужги ралагьун цо нужее вокьарав чи хвезе кинха виччалев? Гьев нужее вокьарав чи хвалидаса нужеда цIунизе кIолеб гьечIеб мехалъ нужеда лъазе ккеларищ нужеда тIад цо ханлъи, цо къуват, цо гьунар букIин. Гьев хан вуго тIадегIанав Аллагь. Гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъун, гьесие мутIигIлъун, гьесул расуласда нахърилълъун кин нуж хьвадуларел?!

**88. Ва амма гьев жиндир рух1 бахъула вугев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ лагь, Аллагьас жинда гIагарде гьарурал муъминзабаздаса ватани** فَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلۡمُقَرَّبِينَ ﴿٨٨﴾

**89. Гьесие Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб цIакъаб парахалъи буго, берцинаб, хирияб ризкъиги буго, нигIматазул алжаналги руго.** فَرَوۡحٞ وَرَيۡحَانٞ وَجَنَّتُ نَعِيمٖ ﴿٨٩﴾

**90. Гьел жиндир гIамал хъварал кагътал кваранисан кьурав чи ватани.** وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنۡ أَصۡحَٰبِ ٱلۡيَمِينِ ﴿٩٠﴾

**91. Гьесде абула: «Дуде салам буго жидехъе кваранисан кагътал кьурал муъминзабазул» - абун.** فَسَلَٰمٌ لَّكَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ﴿٩١﴾

Гьев гьелгун цадахъ нигӀматазул алжаналда жанивги вукӀуна.

**92. Ва амма гьев чи ватани жив къосарав, жинца ахират гьереси гьабун хьвадарав чи.** وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلْمُكَذِّبِينَ ٱلضَّآلِّينَ ﴿٩٢﴾

**93. Гьесие бугеб гьоболлъи бухӀараб, махӀцараб хӀамим буго.** فَنُزُلٌ مِّنْ حَمِيمٍ ﴿٩٣﴾

**94. Гьев жужахӀалъул цӀадавеги лъугьине гьавула ва гьеб цӀаялъ вухӀулевги вукӀуна.** وَتَصْلِيَةُ جَحِيمٍ ﴿٩٤﴾

**95. Х1акълъунго Гьаб цебехун бицараб ахираталда жазаъ гьаби, гьеб жазаъ гьаби щивасул гӀамалалда релълъун букӀинги жиб хӀакъаб, жиб букӀине букӀин якъинаб амру буго.** إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ حَقُّ ٱلْيَقِينِ ﴿٩٥﴾

Гьелда инкар гьабиги цӀакъ ахӀмакъаб пиша буго.

**96. Дуца дур БетӀергьан Аллагь вацӀцӀад гьавун «سُبْحَانَ اللهِ العَظِيم» абе, МухӀаммад ﷺ.** فَسَبِّحْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلْعَظِيمِ ﴿٩٦﴾

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *к1иго рагlи буго жал абизе мацlалъе бигьаял, цlадирабазда жодор кириги бакlал, жив гурхlулев Аллагьасеги* ﷻ *жал рокьулел «субхlаналлагьи ва бихlамдигьи, субхlаналлагьил Гlазим»* абун аби. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Жив вацӀцӀадав ва тӀадегӀанав вуго жиндир ханлъи бергьарав, жиндир къудрат камилав Аллагь ﷻ.

ТӀадегӀанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул ВакъигӀаталъул тафсир ва таржама хъван тӀубана.

Кинабго реццги гьев Аллагьасе ﷻ буго.

# 57. Суратул ХIадид

سُورَةُ الْحَدِيدِ

*Гьаб хирияб сурат буго Мадинаялда жиб рещтIине гьабураб ва жинца Исламияб шаригIаталъул хIукмаби рицунеб. БитIараб игIтикъадалда, берцинал тIабигIатазда ва мухIканаб шаргIалда хьвадизе ахIулел руго гьаб сураталь.*

*Сураталда жаниб лъабго кIудияб масъала баян гьабун буго:*

*1) Гьаб кинабго гIалам Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *мулк букIин, гьес бижараб, гьес жиндие бокьараб хIалалъ хьвадизе гьабулеб.*

*2) Жиндирго напсги бицун хирияб боцIи-малги Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе гIоло кьезе тIадаб букIин.*

*3) Дунялалъул хIакъикъат баян гьаби. Гьеб дунялалъ инсан гуккичIого вукIине гьесие дунялалда ругел, жидеца инсан гуккулел умурал рицун руго.*

*ТIадегIанав Аллагьасул сипатал ва гьесул берцинал цIаралги рицун руго. Иман лъураб агьлуялъул ва пасикъаб, къосараб агьлуялъулги мисал бачун буго. Мунапикъзабазул цо-цо тIабигIат-гIамалги рехсон буго. Дунялалъулги ахираталъулги хIакъикъат баян гьабун берцинаб, гъваридаб мисал-сурат рехсон буго.*

*Сураталъул ахиралда хириял аварагзаби* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *ритIиялдалъун бугеб мурад бицун буго, Аллагьасдаса* جَلَّجَلَالُهُ *хIинкъа абун ва гьесул расуласда нахърилълъа абун амруги гьабулеб буго.*

*Гьаб сураталда цIар тун буго «Маххалъул сурат» абун гьелда жаниб маххалъул бицен гьабун бугелъул ва гьеб махх инсанасул гIумру-яшавалда жаниб жиндаса гIемер батIи-батIияб рахъалъан мунпагIат босулеб букIиналъе гIологи.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьавула, гьев кIодо гьавун гьесие рецц-ги гьабула зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъаль. Гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго, жинца гьабулеб хIукму къадаралъулъ ва лагъзадерил тадбиралъулъ хIакимиявги вуго.**МунпагIат бугеб

سَبَّحَ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ۝١

хIукму гурони гьабуларев, гIадлу битIарав вуго.

لَهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ يُحۡيِۦ وَيُمِيتُۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٌ ۝٢

**2. Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобалазулги ракьалъулги ханлъи. Жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев вуго,** жиндие бокьараб жо гьабизе жив щибго жоялъ нахъе чIваларевги вуго.

هُوَ ٱلۡأَوَّلُ وَٱلۡأٓخِرُ وَٱلظَّٰهِرُ وَٱلۡبَاطِنُۖ وَهُوَ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٌ ۝٣

**3. ТIадегIанав Аллагь жив авалав вуго жиндаса цебехун щибго жо букIинчIев. Жив ахиравги вуго:** Кинабго махлукъалдаса хадувги жив нахъе хут1улев. Жиндир ватиялъе авал-ахир гьечIев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ. **ГIакълуялда рекъон жив вукIин загьирав вуго жив ватиялъе гIемерал далилал рукIун. Беразда жив вихьуларев батIинавги вуго.** Жиндир хIакъикъат лъаялдаса махлукъ гIажизав вуго. **Жинда кинабго жо лъалевги вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.** Гьесда лъачIого цохIо зарра гIадаб жо балъго хутIуларо зобалазда бугониги, ракьалда бугониги.

هُوَ ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٖ ثُمَّ ٱسۡتَوَىٰ عَلَى ٱلۡعَرۡشِۖ يَعۡلَمُ مَا يَلِجُ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَمَا يَخۡرُجُ مِنۡهَا وَمَا يَنزِلُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ وَمَا يَعۡرُجُ فِيهَاۖ وَهُوَ مَعَكُمۡ أَيۡنَ مَا كُنتُمۡۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ بَصِيرٞ ۝٤

**4. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, жинца зобалги ракьги анлъго къоялда жаниб бижарав.** Гьеб анлъго къоялъул къадар зобал-ракь бижиналъе чIезе гьабиги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цо хIикмат буго. Жиндие бокьарабани гьеб кинабго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цохIо лахIзаталда жанибги бижилаан. **Цинги ТIадегIанав Аллагь ГIарщалда тIадегIанлъана** жиндир заталъул къадруялда рекъараб хIалалъ. Нилъеда гьелъул хIал бицине лъаларо ва мисал бачинеги лъаларо. **Гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала ракьалда жаниб лъугьунеб жо:** цIад бугониги, хварал гIадамал ругониги. **Гьеб ракьулъан къватибе бачIунеб жоги лъала:** хер бугониги лъим ва магIдан бугониги. **Зодиса гIодобе рещтIунеб жоги лъала Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ :** цIад бугониги, рахIмат, гIазаб бугониги, малаикзаби ругониги. **Зодобе бахун унеб жоги лъала:** лагъзадерил лъикIаб гIамал бугониги, малаикзаби ругониги. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ** жиндир гIелму-лъаялдалъун **нужгун цадахъ вуго нуж кир ругониги.**

Ибну Касирица абуна: «Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужеда тIаде валагьун вугев гIадин вуго, нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулевги вуго, нуж кир ругониги: ральдалъ ругониги, ракъадада ругониги, бецIаб рохьор ругониги, сардилъ бугониги, къад бугониги. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIелму-лъаялъе кинабго бакI ва кинабго хIал цохIо хIалалъ буго»-абун.

Г1араб мац1алда таъвил абураб раг1и бач1уна чанго бат1ияб маг1наялда. Цо маг1на буго тафсир абураб. Гьеб буго каламалъул мурад баян гьаби, гьеб бич1ч1уледухъ бици. Гьеб маг1наялда буго Къуръаналъе тафсир гьабиги. Гьединго буго макьуялъе таъвил гьаби: ай макьу къот1и, гьеб баян гьаби.

Таъвилалъул цоги маг1на буго х1акъикъат абураб. Гьелъие мисал буго ﴿هَلۡ يَنظُرُونَ إِلَّا تَأۡوِيلَهُۥ﴾ абураб - гьел ралагьун ругищ къиямасеб къоялъул х1акъикъат лъялда гурони.

Гьединго таъвил гьаби абула каламалъул загьираб, машгьураб маг1наги тун гьелъие бук1ине бегьулеб цоги маг1на гьабиялда. Гьаб буго «Къуръаналъул каламалъе таъвил гьаби» абидалго хадусел (гьанже ругел) г1алимзабазул мурадлъун бук1унеб маг1на. Гьелъие мисал буго истиваъ абураб раг1иялъе истийлаъ маг1на гьаби.

Бусурманчиясе бегьуларо Къуръаналъе тафсир гьабулаго гьелъул сах1их1аб, бит1араб маг1наги жибго тун жиндир гьава-нафсалъе бокьараб х1алалъ маг1на гьаби. Щивав чиясул мурадалда рекъон, гьесул гьаваялда нахърилълъун Къуръаналъул магIна гьаби буго тIадегIанав Аллагьасул калам гIодобегIан гьаби. Мух1канаб ва бит1араб бук1уна хириял асх1абзабаз ва гьезда хадур рук1арал салафу-ссалих1иназ гьабураб маг1на гьаби ва гьезда бич1ч1араб куцалъ нилъедаги Аллагьасул калам бич1ч1и. Хасго мух1канлъи гьабизе ккола г1акъидаялда хурхарал аятазе маг1на гьабулеб бак1алда.

Т1адег1анав Аллагьасул раг1и ﴿وَهُوَ مَعَكُمۡ أَيۡنَ مَا كُنتُمۡ﴾ абураб – гьаб раг1иялъ т1орит1ел гьабула жиндир г1елмуялдалъун Аллагь лагъзадерида цадахъ вук1иналда. Жиндир заталдалъун гьев лагъзадерида цадахъ вугин аби мекъаб маг1на буго. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда рекъараб х1алалъ жиндир г1арщалда т1адег1анлъун вугелъул.

**5. Гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго зобалазулги ракьалъулги ханлъи. Ахират алда кинабго халкъалъул амруги гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ буссине буго.**

لَّهُۥ مُلۡكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۚ وَإِلَى ٱللَّهِ تُرۡجَعُ ٱلۡأُمُورُ ٥

**6. Жинца сордо къоялде жанибе лъугьине гьабулев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, гьединго къо сордоялде жанибе**

يُولِجُ ٱلَّيۡلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَيُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيۡلِۚ وَهُوَ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ٦

**лъугьине гьабулевги вуго.**

Жиндир махлукъалъулъ жиндие бокьараб тасаруф (хис-бас) гьабулев вуго. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда цIакъ лъалев вуго гIадамазул каранда ругел ракIазда жаниб бугеб жоги.**

ءَامِنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَأَنفِقُوا۟ مِمَّا جَعَلَكُم
مُّسْتَخْلَفِينَ فِيهِ ۖ فَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنكُمْ وَأَنفَقُوا۟
لَهُمْ أَجْرٌ كَبِيرٌ ٧

**7. Нужеца гьев Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласдаги иман лъе! Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьураб ризкъиялдаса нужеца садакъа-напакъаги кье!**

Нужеда кодоб бугеб боцIи-мал буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужехъе кьураб гьесул мулк. Гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ мулкалъулъ бугеб тасаруф гьес малъухъе гьабе. **Нужедаса гьев Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун, гьеб боцIи-мал Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб нухалда напакъадеги кьун хьвадарал гIадамазе ахираталда цIакъ кIудияб ажру букIине буго. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва нигIматазул алжанал рукIине руго.**

وَمَا لَكُمْ لَا تُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ ۙ وَٱلرَّسُولُ يَدْعُوكُمْ
لِتُؤْمِنُوا۟ بِرَبِّكُمْ وَقَدْ أَخَذَ مِيثَٰقَكُمْ إِن
كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ٨

**8. ТIадегIанав Аллагьасде иман лъечIого букIине ккани нужее бугеб квалквал къварилъи щиб бугеб, гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужеде витIарав расулас нуж ахIулел ругеб мехалъ нужер БетIергьанасда иман лъеялде. ТIадегIанав Аллагьас нужедаса къотIиги босун букIаго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибидат гьабиялъе.**

Гьаб къотIи босиялъул магIна буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее гIакълу-лъай кьун буго, бихьи-рагIиги кьун буго, пикру гьабизе ракIги бетIерги кьун буго. Гьал алаталги хIалтIизе гьарун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вукIиналда, гьев жиндие лагълъи гьабизе хIакъав вукIиналда, гьев гьаб кинабго махлукъалъул Халикъ ва Разикъ вукIин лъаялде жидер тIоритIулел цIакъ гIемерал гIаламаталги гьарун руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир махлукъалда жанир. Инсанас Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие кьурал алаталги хIалтIизе гьарун гьесул махлукъалъулъ ругел гIаламатаздаса хIужа-далилги босун жиндир БетIергьан Аллагь вукIин, жив гьесул лагъ вукIин ва гьесие гIибадат гьабизе жинда тIадаб бук1ин чIезе гьабизе ккола. Цинги гьеб жинда тIадаб гIамал гьабизеги ккола. Гьаб буго цо магIна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадеридасан къотIи босиялъул.

Цо гIакъилав, балугъав чиясда бихьулеб ва гьесул квер щолеб бакIалда квенги лъимги лъун бугони, цинги гьев чи гьеб квен кваначIого, лъим гьекъечIого чIани жив хвезегIан, гьев хвеялъул гIайиб гьев чиясда букIуна. Гьадинаб мисал буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив цо вукIиналда тIоритIел гьабулел гIемерал далилал цере лъураб мехалъ гьезда

инкарги гьабун куфру-ширкалда чIарав чиясул. Ахираталда гьев чи жужахIалде реххи гьесул жиндирго гIайиб буго.

Гьаб «Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи босана» абураб рагIиялъул цоги магIна гьабуна. ТIадегIанав Аллагьас киналго гIадамазул заррабиги рижун гьел жинда цере чIезе гьарун, гьезда гьикъана: «Дун нужер БетIергьан Аллагь вугищ?» - абун. Гьел заррабаца жавабги кьун букIана: «Вуго мун нижер БетIергьан Аллагь» - абун. Гьаб къотIи жидеца хвезе гьабураллъун рикIкIуна дунялалъул рукъор жал иман лъечIого чIарал, куфру-ширкалда хьвадарал гIадамал»-абун.

**Нуж нужеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъолел гIадамал ратани нужеда гьаб хIакъикъат лъай ва нужеца иман лъе!** Гьеб иман лъезе мех щун буго.

**9. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца жиндир лагъасда:-Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда, гьаб хирияб Къуръан рещтIине гьабулев. Жидеца шаргIиял ахIкамал баян гьабулел жал мухIканал аятал руго гьел.**

هُوَ ٱلَّذِى يُنَزِّلُ عَلَىٰ عَبْدِهِۦٓ ءَايَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ لِّيُخْرِجَكُم مِّنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ بِكُمْ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿٩﴾

**Гьел аятаздалъун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нуж куфруялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рахъине гьаризе. ХIакълъунго гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго нужеда жив цIакъ гурхIулев.** Гьеб гурхIел буго дол цере рицарал гIакълиял далилал рижун течIого нуж хIакъаб диналде ахIизе расул витIин ва гьесухъе жинца нуж иманалъул нуралде тIоритIулеб хирияб Къуръан рещтIине гьабиги. АлхIмдулиллагь! Кинабго рецц Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго гьев БетIергьан Аллагь лъалеллъун нилъ гьарун ругелъул.

**10. Нужее бугеб щиб, я гьал муъминзаби, нужеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло нужер боцIи-мал напакъаде кьечIого букIине ккани?! Зобалазулги ракьалъулги кинабго ирсги тIадегIанав Аллагьасе бугелъул.** Нужги хун нужер боцIи-малги цогидазе ирсалъе ине буго. Гьедин ирсалъе ине течIого гьеб Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIоло харж гьабе! Ахираталда нужее гьеб кIудияб хазиналъун батизе буго.

وَمَا لَكُمْ أَلَّا تُنفِقُوا۟ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ وَلِلَّهِ مِيرَٰثُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ لَا يَسْتَوِى مِنكُم مَّنْ أَنفَقَ مِن قَبْلِ ٱلْفَتْحِ وَقَٰتَلَ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ أَعْظَمُ دَرَجَةً مِّنَ ٱلَّذِينَ أَنفَقُوا۟ مِنۢ بَعْدُ وَقَٰتَلُوا۟ ۚ وَكُلًّا وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿١٠﴾

**ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб жидер даража макъам цоцаде бащадал рукIунаро Макка бахъилелде церего жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иманги лъун, гьесул расуласе квербакъиги гьабун напакъа**

**кьолел рукIарал ва авараггун ﷺ цадахъ жал мушрикалгун рагъулел рукIарал муъминзабиги, гьеб Макка бахъун хадуб жидеца иман лъурал муъминзабиги. Дол Макка бахъилелде цебего жидеца иман лъурал ва жидеца рагъги гьабурал муъминзаби жидее бугеб ажру цIакъ кIудиял руго, Макка бахъун хадуб жидеца напакъа кьурал ва рагъги гьабурал муъминзабаздасан. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб кIиябго къукъаялъе лъикIаб ахират къотIи гьабун буго. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жанда лъалев.** Гьеб гIамалалъул загьирабги балъгоябги жинда лъалев вуго, нужер рекIелъ ругел хиялалги жинда лъалев вуго. Нужее ахираталда гьабулеб жазаъги гьел нужер гIамалазда рекъон гьабизе буго.

Гьеб Макка бахъилелде цере муъминзаби дагьал рукIиндал, гьезда щвараб захIмалъиги, гьез хIехьараб къварилъиги цIакъ гIемераб букIана. Гьеб мехалъго жидеца иманги лъун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе квербакъи гьабурал гIадамазул даража-макъам тIадегIанаб букIин щибго щаклъи гьечIеб жо буго.

Ал-Калби абулев гIалимас абуна гьаб аят жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаяв Абубакар асхIабасул хIакъалъулъ рещтIине гьабураб буго абун. Гьев Абубакр вукIиндал жинца бищунго цебе иман лъурав, жиндир боцIи-малги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло напакъаде кьурав ва жинца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса мушриказул къварилъи-зарал нахъе чIвалевлъунги вукIарав.

**11. Жинца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал кьолев чи щив вугев, жиндие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб боц1и г1емер ц1ик1изабизе ва гIемераб ажру гьелда данде кьезе?!**

مَّن ذَا ٱلَّذِى يُقْرِضُ ٱللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا فَيُضَٰعِفَهُۥ لَهُۥ وَلَهُۥٓ أَجْرٌ كَرِيمٌ ﴿١١﴾

Дунялалъул рукъоб хIалалаб, берцинаб магIишат кьезе, ахираталда нигIматазул алжаналги кьезе?

Гьаб хирияб аят рещтIине гьабураб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе Мадинаялъул ансараздаса жив вугев, жинда Аллагь разилъаяв АбудахIдахI вачIана ва гьес абуна: *«Я расулуллагьи! Унгого тIадегIанав Аллагьасе бокьунищ бугеб нилъеца къарзалъе боцIи-мал кьезе?» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «У, бокьун буго Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *нилъеца къарз гьабизе» - абун. Цинги АбудахIдахIица абуна: «Ворея, расуллуллагьи, дур квер бихьизе гьабея дида» - абун. Жинца аварагасул* ﷺ *кверги ккун гьев АбудахIдахIица абуна: «Дица дир БетIергьанасе къарзалъе кьолеб буго дир ах» - абун. Гьеб букIана анлънусго чамастакил гъветI жаниб*

*бугеб ах.*

*Цинги АбудахIдахI гьеб ахикье ана ва гьений йикIарай жиндирго чIужуялде ахIана: «Я УммудахIдахI! Мун гьаб ахикьан къватIие ячIа, дица гьаб ах БетIергьан Аллагьасе къарзалъе кьуна!»-абун. Жинда Аллагь разилъаяй УммудахIдахIицаги абуна: «Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дур дараналда баракат лъезабеги!» - абун, ва гьей жиндир лъималги, къайиматахIги бакIарун ахикьа къватIие ячIана.* ХIадис ибну абиХIатимица бицана.

Хадуб тIадегIанав Аллагьас нилъеда бицунеб буго ахираталда муъминзабазул букIунеб хIал ва жинца абулеб буго:

**12. Дуца умматалда бице, МухIаммад: муъминал бихьиназда ва руччабазда цебе ва кваранисеб рахъалда хьвадулеб нур бихьулеб къоялъул хабар. Гьел муъминзабаздаги абулеб: «Нужее рохел буго жакъа! Жидеда жаниса нигIматазул лъарал чвахулел алжанал руго, даимго рукIинелъун нуж гьенире жанире лъугьине гьаризе. Гьеб бугоха цIакъ кIудияб бахьи буголъи ва рохалида кверщел бати!» - абун.**

يَوْمَ تَرَى ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ يَسْعَىٰ نُورُهُم بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَبِأَيْمَٰنِهِم بُشْرَىٰكُمُ ٱلْيَوْمَ جَنَّٰتٌ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا ذَٰلِكَ هُوَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿١٢﴾

Муъминзаби сиратIалдаса унеб мехалъ букIуна гьеб нур гьезда цебе ва кваранаб рахъалъан. Гьеб нурги жидер иманалда ва лъикIаб гIамалалда релълъун щивасе батIи-батIияб букIуна. Гьелдалъун муъминзабазул гьурмалги бецIаб сардилъ цIураб моцIалда релълъун жидедасан нур загьирлъулел рукIуна.

Жидеда Аллагь разилъаял абу Дардаица ва абу Зарица хIадис бицана ва гьез абуна: *«Нижеда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг рагIана жинца абулев: «Дун вуго къиямасеб къоялъ жидеца сужда гьабизе изну кьолезул авалав, гьеб суждаялдаса бетIер тIоцебе борхулевги вуго дун. Гьеб бетIер эхеде борхараб мехалъ дун валагьула дида цевеги, нахъеги, кваранисаги квегIисаги. Дида дир умматалъул гIадамалги лъала цогидал умматазда гьоркьоса»-абун. Цинги цо асхIабас абуна: «Я Расулаллагьи! Дуда кин дур уммат лъалеб НухI аварагасул* عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ *заманалдаса рукIарал гIемерал умматазда гьоркьоса»-абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дида гьеб уммат лъала какие чуриялъул асаралдалъун бохдул, гъуждул хъахIал рукIун. Гьаб асар цогидал умматазул цонигиязе букIунаро. Гьезухъе гIамал хъварал кагътал кваранисa кьеялдалъунги лъала. Гьезул гьурмазда бугеб как баялъул, сужда гьабиялъул асаралдалъунги лъала. Гьезда*

*цебе хьвадулеб нур бихьунги лъала»*-абун. Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

يَوۡمَ يَقُولُ ٱلۡمُنَٰفِقُونَ وَٱلۡمُنَٰفِقَٰتُ لِلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱنظُرُونَا نَقۡتَبِسۡ مِن نُّورِكُمۡ قِيلَ ٱرۡجِعُواْ وَرَآءَكُمۡ فَٱلۡتَمِسُواْ نُورٗا فَضُرِبَ بَيۡنَهُم بِسُورٖ لَّهُۥ بَابُۢ بَاطِنُهُۥ فِيهِ ٱلرَّحۡمَةُ وَظَٰهِرُهُۥ مِن قِبَلِهِ ٱلۡعَذَابُ ﴿١٣﴾

**13. Гьеб къоялъ мунапикъал бихьиназ ва руччабаз абула муъминзабазде хитIаб гьабун: «Нуж чIа нижееги нужер нуралъ канлъи гьабизе ва нижги гьеб нуралъулъ сиратIалдаса ине» - абун. Гьезие жаваб гьабун муъминзабаца абула: «Нуж нахъ руссун дунялалде а ва гьенире ун гьенисан балагье нужеего нур» - абун.**

Гьел махсароде гьарун ва гьезул хьул къотIизе гьабун абулеб рагIи буго гьеб.

**Цинги гьел мунапикъзабаздаги муъминзабаздаги гьоркьоб сангар гьабула жиндир рагьуги бугеб. Гьеб сангаралъул жанисеб рахьалда Аллагьасул** ﷻ **рахIмат букIуна: алжан букIуна ва муъминзабиги гьеб рахьалда рукIуна. Гьеб сангаралъул къватIисеб рахьалда жужахI букIуна ва мунапикъзабиги цогидаб жужахIалъул агьлуги гьениб букIуна.**

Ибну Касирица абуна: гьеб сангаралда бугеб рагьдухьан жанире киналго муъминзаби лъугьараб мехалъ гьеб рагьу рахала ва гьелда цере эхетун мунапикъзабиги хутIула. Ц1акъ пащманлъун, хIайранлъун, Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъун рукIуна гьел абун.

يُنَادُونَهُمۡ أَلَمۡ نَكُن مَّعَكُمۡۖ قَالُواْ بَلَىٰ وَلَٰكِنَّكُمۡ فَتَنتُمۡ أَنفُسَكُمۡ وَتَرَبَّصۡتُمۡ وَٱرۡتَبۡتُمۡ وَغَرَّتۡكُمُ ٱلۡأَمَانِيُّ حَتَّىٰ جَآءَ أَمۡرُ ٱللَّهِ وَغَرَّكُم بِٱللَّهِ ٱلۡغَرُورُ ﴿١٤﴾

**14. Гьел мунапикъзабаца муъминзабазде ахIула: «Нижги нужгун цадахъ рукIана гурищ дунялалда?»– абун.** Нижецаги какги бана, кIалги ккуна, гъазаватги гьабуна.

Нижееги кумек гьабе нужгун цадахъ рукIине абун. **Гьезие муъминзабаца жаваб гьабула: «БитIараб буго! ТIасан нуж нижгун цадахъ рукIана. Амма нужер рекIелъ иман букIинчIо ва гьелдалъун нужеца нужго гьалаг гьаруна. Нуж рукIана муъминзабазде балагьал щвезе бокьулел, гьел гъазаваталда къезе бокьулел. Нуж диналъулъ щакдарулелги рукIана. Нуж хьулаца ва гьава-напсалъ гуккана, гьеб хIалалда нужги хвана.** Тавбу гьабичIого, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабичIого. **Жинца гуккулеб, жиндир хIилла-макру бугеб щайтIаналъги нуж гуккана»** – абун. «Аллагь ﷻ гурхIулев вуго, гьев тIаса лъугьунев вуго»-абун нуж мунагьазулъ халат гьаруна ва тавбу гьабизе риччачIо. Хадубги муъминзабаца гьел мунапикъазде ахIула:

**15. «Жакъа нужедаса ва загьирго капурал рукIараздасаги гIакIа босуларо. Нуж жанире руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго. Гьеб буго нужее гьабизе рекъараб жазаъги. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жужахI!» – абун.**

فَٱلْيَوْمَ لَا يُؤْخَذُ مِنكُمْ فِدْيَةٌ وَلَا مِنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۚ مَأْوَىٰكُمُ ٱلنَّارُ ۖ هِىَ مَوْلَىٰكُمْ ۖ وَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ﴿١٥﴾

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисалда буго: «ТIадегIанав Аллагьас жужахIалде рехилелде цебе капурчиясде абула: «Дуца дида бице: кинабго дунялги, цогиги чанго дунялги дур букIарабаниги гьеб кинабго жоги кьун жакъа гьаб жужахIалдаса хвасарлъи тIалаб гьабизе букIинчIищ дуца?» – абун. Гьес абула: «Гьабизе букIана, дир БетIергьан!» – абун. Цинги гьесдехун абула: «Дица дудаса цIакъ бигьаяб жо гьарун букIана. Мун Адамил гьодиниса къватIиве вахъине гьавун: «дуца дун цо гьаве ва дидехун ширк гьабуге»-абун дица абураб мехалъ, дуца ширк гьаби тIаса бищанаха!»–абун.

Цо гIалимас абуна: «Бахьи бугев чи вуго жив хьулаз гуккуларев, гьава-напсалъе ва щайтIаналъе гуккизе чIоларев чи. Жиндир хьул халалъарав чиясда Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьаби кIочона ва жиндир гIажал букIиналдаса гьев гъапуллъула (гьесда хвезе вукIин кIочона)»-абун.

**16. Гьал муъминзабазе мех щун гьечIищха жидер ракIал тIеренлъизе ва гьез Къуръаналъул вагIза-насихIат босун жал Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъизе? Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ ракIалде щун, гьев гIемер рехсон рукIине? Гьел муъминзаби рукIунгутIизе жидеда церехун рукIарал жидехъе тIехь кьурал гIадамазда релълъун. Гьел китабиязул аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьечIого гьоркьоб гIемераб замана ана ва гьезул ракIалги къвакIарал, къосарал лъугьана.** Жидеда дин кIочон тана ва дунял тIаса бищун гьеб гьабизе лъугьана. **Гьел Китабиязул гIемерисел гIадамал жал пасикъалги руго.** Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъи тарал руго, гьесул диналъул ахIкамал таралги руго. Жидеца хIакъаб динги хисизе гьабун жидер цIаларал гIадамаз бицараб жоялда нахърилълъун руго, гьел жидер аллагьзабилъун ккунги руго.

۞ أَلَمْ يَأْنِ لِلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَن تَخْشَعَ قُلُوبُهُمْ لِذِكْرِ ٱللَّهِ وَمَا نَزَلَ مِنَ ٱلْحَقِّ وَلَا يَكُونُوا۟ كَٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ مِن قَبْلُ فَطَالَ عَلَيْهِمُ ٱلْأَمَدُ فَقَسَتْ قُلُوبُهُمْ ۖ وَكَثِيرٌ مِّنْهُمْ فَٰسِقُونَ ﴿١٦﴾

ТIадегIанав Аллагьас гьаб аяталдалъун муъминзаби цIунулел руго жидеца хIакъаб динги тун батIулаб жо динлъун ккеялдаса.

Къуръан-хIадисги тун жидеда гьоркьор ругел цIаларал гIадамаз, щайихзабаца бицараб Къуръан хIадисазул хилапалда бугеб жоялда нахъ рилълъиналдасаги.

Жинда Аллагь разилъаяв Муслимица бицараб хIадисалда буго: «Муъминзаби Мадинаялде рачIараб мехалъ гьезие черхалъе рахIат щвана, яшавги цодагьаб лъикIлъана ва жидеца гьабулеб букIараб гIибадатги дагьлъана. Цинги гьел муъминзабазда гIайиб чIван тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна (16 аят)»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну МасгIудицаги абуна: «Ниж Исламалде рачIун хадуб ункъо сон ун букIана ва цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аятги рещтIине гьабуна» – абун.

**17. Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, хIакълъунго тIадегIанав Аллагь вукIин жинца хун букIараб ракь чIаго гьабулев.**

ٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّ ٱللَّهَ يُحۡيِ ٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ مَوۡتِهَاۚ قَدۡ بَيَّنَّا لَكُمُ ٱلۡأٓيَٰتِ لَعَلَّكُمۡ تَعۡقِلُونَ ١٧

Гьеб хIалалъ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзабазул ракIалги чIаго гьарула ва Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялда руссине гьарула. Гьел хварал ракIал чIаго гьарулеб жо буго гьаб хирияб Къуръан. Гьалда нахъвилълъарав чиясул рекIелъан къвакIи, беццлъи уна ва гьеб иманалъул нуралъул цIола. **ХIакълъунго дица нужее дир аятал ва гIаламатал баян гьаруна нужеца гьездаса гIакълу босизе ва нужеда хIакъаб жо лъазе.**

**18. ХIакълъунго жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло мискин-пакъиразе садакъа кьолел муъминал бихьиналги руччабиги. Жидер х1алалаб боцIи Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун ва жидерго ракI разилъун напакъаде кьолел гIадамалги – гьел гIадамазе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьелъул кири гIемер гьабун хъвала ва гьезие ахираталда жиб хирияб ажруги буго.**

إِنَّ ٱلۡمُصَّدِّقِينَ وَٱلۡمُصَّدِّقَٰتِ وَأَقۡرَضُواْ ٱللَّهَ قَرۡضًا حَسَنٗا يُضَٰعَفُ لَهُمۡ وَلَهُمۡ أَجۡرٞ كَرِيمٞ ١٨

Алжан буго.

**19. Жидеца Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласдаги иман лъурал, гьезие мутIигIлъун, гьезул амру-нагью тIубан хьвадарал муъминзаби руго жидеда ﴿ٱلصِّدِّيقُونَ﴾ абулел, жидер даража-макъам тIадегIанал. Ва шагьидзабазеги буго жодор бет1ергьанасда аск1об .**

وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦٓ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلصِّدِّيقُونَۖ وَٱلشُّهَدَآءُ عِندَ رَبِّهِمۡ لَهُمۡ أَجۡرُهُمۡ وَنُورُهُمۡۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَكَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَآ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلۡجَحِيمِ ١٩

**Ахираталда гьезие жидер гIамалалда рекъараб кIудияб ажруги,**

**жалгун цадахъ букIунеб нурги. Жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал, дир Къуръанги мугIжизаталги гьереси гьарурал гIадамал руго жужахIалъул бетIергьаби.** Даимго гьеб жужахIалда жал рукIунел, жидедаса гIазабги тIаса босуларел.

ٱعۡلَمُوٓاْ أَنَّمَا ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَا لَعِبٞ وَلَهۡوٞ وَزِينَةٞ
وَتَفَاخُرُۢ بَيۡنَكُمۡ وَتَكَاثُرٞ فِي ٱلۡأَمۡوَٰلِ وَٱلۡأَوۡلَٰدِۖ
كَمَثَلِ غَيۡثٍ أَعۡجَبَ ٱلۡكُفَّارَ نَبَاتُهُۥ ثُمَّ يَهِيجُ
فَتَرَىٰهُ مُصۡفَرّٗا ثُمَّ يَكُونُ حُطَٰمٗاۖ وَفِي ٱلۡأٓخِرَةِ
عَذَابٞ شَدِيدٞ وَمَغۡفِرَةٞ مِّنَ ٱللَّهِ وَرِضۡوَٰنٞۚ وَمَا
ٱلۡحَيَوٰةُ ٱلدُّنۡيَآ إِلَّا مَتَٰعُ ٱلۡغُرُورِ ٢٠

**20. Нужеда лъае, я гьал муъминзаби, хIакълъунго гьаб дунялалъул чIаголъи гIададисеб жо букIин.** ГIисинал лъималаз щибго мунпагIат гьечIеб жо гьабун черх свказе гьабулеб гIадин, жинца инсанасул черх свказе гьабулеб, гьесие ахираталъе мунпагIат гьечIеб жоялъулъ гьев хьвадизе гьавун.

**Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тIагIат-гIибадат гьабиялдаса инсан машгъул (гъапул) гьавулеб жоги буго. АхIмакъал гIадамал жиндаса рохун рукIунеб берцинлъиги буго:** берцинаб ретIел гIадаб, берцинаб рукъ гIадаб. **Нуж цоял цоязда тIад чIухIун рукIунеб жоги буго:** жиндир насабалдалъун чIухIун, лъимал-хъизаналдалъун чIухIун, боцIи-малалдалъун чIухIун рукIунеб. **Цояз цоязулалдаса гIемераб магIишат данде гьабун, васал гIемерал рукIун гьелдалъун чIухIдарулел рукIунеб жоги буго гьаб дунял. Гьаб дунялалъул мисал буго рекьарухъаби жинца рохизе гьарулеб берцинаб хур-хер бижизе гьабураб цIадалда релълъун. Цинги гьеб хур-хер бакъван, тIогьилллъун унеб, гьелдаса хадуб гьарщун гIодобеги ун хъурун тIагIунеб.** Жиб кодоб даимлъулареб, жиб тIаса ин хехаб жо буго дунялалъул бечелъи ва чIухIи-рецц. **Ва амма ахираталда букIунеб жо буго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал гIадамазе гьабулеб гучаб гIазабги, муъминзабазе щолеб Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъиги, гьезул мунагьал рахчиги. Гьаб дунялалъул чIаголъи гьечIо жинца инсан гуккулеб, жиб хеккого тIаса унеб матагI гурони** (дунялалъул чIаголъи, гьелъул магIишат).

Гьеб дунялалдалъун гуккун ккола жив гъапулав жиндир гIакълу гьечIев чи. Ахират тIалаб гьабиялдаса жинца инсан машгъул гьавурабгIан мехалъ дунял буго жинца гуккулеб матагI. Амма гьеб дунялалъ инсан ахIараб мехалъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи ва ахират тIалаб гьабиялда – цинги гьеб дунял цIакъ лъикIаб матагI букIуна!

ТIадегIанав Аллагьас дунял хIакъираб, жиндир щибго къимат гьечIеб жолъун бихьизе гьабидал, ахираталъул амруги цIакъ кIудияб, кIвар бугеблъун бихьизе гьабидал, гьелда хадуб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ инсан гьесизе

гьавулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабиялда гьев хехлъизе ва жинцаги абулеб буго:

سَابِقُوٓاْ إِلَىٰ مَغۡفِرَةٖ مِّن رَّبِّكُمۡ وَجَنَّةٍ عَرۡضُهَا
كَعَرۡضِ ٱلسَّمَآءِ وَٱلۡأَرۡضِ أُعِدَّتۡ لِلَّذِينَ
ءَامَنُواْ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦۚ ذَٰلِكَ فَضۡلُ ٱللَّهِ
يُؤۡتِيهِ مَن يَشَآءُۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلۡفَضۡلِ ٱلۡعَظِيمِ ٢١

**21. Нужеца хехлъи гьабе, я гьал муъминзаби, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **мунагьал чуриялде нуж щвезе!** Цогидаздаса цере кколеб хIалалъ иман камил гьабе, лъикIаб гIамалги гIемераб гьабе. **Зобалги ракьгигIан гIебаб ва г1атIидаб алжаналде нуж щвезеги хехлъи гьабе! Гьеб алжан хIадурун буго жидеца Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьесул расуласдаги иман лъурал гIадамазе. Гьаб Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиб къотIи гьабураб мунагьал рахчиги алжаналги гьесул рахъалъан бугеб кIудияб цIоб-рахIмат буго. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьеб кьола жиндие бокьарав чиясе.** Жиндир гIамалалдалъун гьеб босизе кIолев чи вукIунаро Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIоб-рахIмат гьабун жиндие бокьарал муъминзабазе кьун букIун гурони. Г1амал сабаб буго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ц1об-рах1мат щвеялъе. **ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир цIоб-рахIмат кIудияв.**

مَآ أَصَابَ مِن مُّصِيبَةٖ فِي ٱلۡأَرۡضِ وَلَا فِيٓ
أَنفُسِكُمۡ إِلَّا فِي كِتَٰبٖ مِّن قَبۡلِ أَن نَّبۡرَأَهَآۚ
إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٞ ٢٢

**22. Цониги къварилъи-балагь гьаб ракьалде щоларо:** ракь багъари, бакъ бай, горо бай. **Гьединго нужер напсаздаги щоларо:** унта-щокълъи, ракъи-къеч, лъимер хвей, боцIи-мал гьалаглъи. **Гьеб къварилъи-балагь ЛавхIул-махIфузалда хъван букIун гурони дица гьел зобал-ракьги, г1адамалги рижилелде цебего.**

**Х1акълъунго гьаб махлукъалда жаниб букIинесеб кинабго жо жиндир азалияб гIелмуялъулъ лъалеб букIин, хадуб гьеб ЛавхIулмахIфузалда хъван къадар гьабун букIинги, цинги гьеб кинабго хIукму-къадар махлукъалда жаниб хьвадизе гьаби ва гьелъул тадбир гьаби – ТIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб жо буго.** Гьесие гIемераб-дагьаб, захIматаб-бигьаяб амру букIунаро. Гьесул кинабго иш букIуна цохIо “Кун” (мун бук1а) абураб рагIи абиялдалъун жиб букIунеб ва лъугьунеб.

لِّكَيۡلَا تَأۡسَوۡاْ عَلَىٰ مَا فَاتَكُمۡ وَلَا
تَفۡرَحُواْ بِمَآ ءَاتَىٰكُمۡۗ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ
مُخۡتَالٖ فَخُورٍ ٢٣

23. Гьаб кинабго жо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадаралдалъун букIин ва гьеб цебего хъван хIадурун букIин буго: **нужее щвечIого хутIараб жоялда нуж пащманлъичIого рукIине ва нужее щвараб жоялдаса рохичIого рукIине. ТIадегIанав Аллагьсе**

**вокьуларо кинавниги чIухIарав, гIамал сурарав чи.**

Аллагьасда ﷻ иман лъурал гIадамаз балагьазда сабру гьабула ва нигIматазе щукруги гьабула. Гьаб буго гьаб аяталъул магIнаги. Капурзабазул пиша буго нигIматазе щукру гьабунгутIи ва балагьазде сабру гьабунгутIи. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Цониги чи гьечIо жив пащманлъулев ва вохулев вукIун гурони. Муъминчияс жинде щвараб къварилъи сабрулъун гьабула, жиндие щварал нигIматал щукрулъунги гьарула» – абун. ШаргIалда какараб рохи буго жиндие нигIматал кьурав Аллагь ﷻ кIочон, гьел нигIматал жиндир гьунаралдалъун щварал руго абун ракIалде ккун чIухIараб, щукру гьечIеб рохел гьаби. ШаргIалда какараб пащманлъи буго жинда тIаде цо къарилъи щвараб мехалъ гьелда сабру гьабичIого чIвачIвадун, ахIдон вукIин.

ٱلَّذِينَ يَبۡخَلُونَ وَيَأۡمُرُونَ ٱلنَّاسَ بِٱلۡبُخۡلِۗ
وَمَن يَتَوَلَّ فَإِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡغَنِيُّ ٱلۡحَمِيدُ ﴿٢٤﴾

**24. Гьал балагьазда сабру гьечIел, нигIматазе щукруги гьечIел гIадамал руго жидее Аллагьас ﷻ кьураб нигIматалдаса лъикIаб нухалда харж гьабизе жалго бахилал, жидеца цогидал гIадамалги гьеб лъикIаб нухалда харж гьабиялдаса нахъе чIвалел.**

**Аллагьасул ﷻ нухалда боцIи-мал харж гьабиялдаса вусарав чи** жинца жиндирго напсалъе зулму гьабурав чи вуго. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жив бечедав вуго, жиндир пишабазулъ жив веццаравги вуго.** Гьев хIажатав гьечIо гIадамазул напакъасахIалде.

لَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا رُسُلَنَا بِٱلۡبَيِّنَٰتِ وَأَنزَلۡنَا
مَعَهُمُ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡمِيزَانَ لِيَقُومَ
ٱلنَّاسُ بِٱلۡقِسۡطِۖ وَأَنزَلۡنَا ٱلۡحَدِيدَ فِيهِ
بَأۡسٞ شَدِيدٞ وَمَنَٰفِعُ لِلنَّاسِ وَلِيَعۡلَمَ ٱللَّهُ مَن
يَنصُرُهُۥ وَرُسُلَهُۥ بِٱلۡغَيۡبِۚ إِنَّ ٱللَّهَ قَوِيٌّ عَزِيزٞ ﴿٢٥﴾

**25. ХIакълъунго Дица Дир расулал ритIана жидер къавмал Исламияб диналде ахIизе. Гьезие баянал хIужабиги кьуна, мугIжизаталги гьаруна. Гьел расулалгун цадахъ Дица тIехьги рещтIине гьабуна жинда рекъон хIукму гьабизе, гьел гIадамаз цоцазе зулму гьабичIого букIине.**

**ЦIадира-къалиги гьабуна гIадамал жидеда гьоркьоб гьабулеб даран-базаралъулъ ритIухъаллъун рукIине.**

**Дица гьел гIадамазе мунпагIаталъе маххги гьабуна: жинда жаниб къуват-гуч бугеб.** Рагъул алатал махх-чараналъул гьарулелъул. Ва гIадамазе цогиги гIемерал мунпагIатал жиндилъ бугеб: нус, гIащтIи гIадаб, пуруц гIадаб (плуг) хьаг-махх гIадаб цIарагI ва алат маххул гьабулелъул.

ГIалимзабаца абуна: «Гьаб махх абураб рагIи буго кинабго магIданалда жинца щвей гьабулеб. Гьеб кинабго магIдан Аллагьас ﷻ жиндаса мунпагIат босулеблъун бижун буго. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: Дица гьаб махх-чаран гьабуна муъминзабаца жиндаса ярагъ гьабизе ва гьеб ярагъалдалъун Аллагьасул ﷻ тущбабазда рагъ базе ва Аллагьасул ﷻ дин ракьалда букIине гьабиялъе гIоло жигьадги гьабизе. **Цинги Аллагьасда ﷻ загьираб лъаялдалъун лъазе щив чи вугев гьаибаб (жинда бихьичIеб) жоялдаги божун, гьелда иманги лъун жинца Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги квербакъи гьабулев.** Гьезул амру-нагью тIубалев ва Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жиндир боцIи-малги, напсги бичулев. **ХIакълъунго Аллагь цIакъ къуватав вуго, жиндир гуч бергьаравги вуго.**

Гьев Аллагьасда ﷻ кIолеб букIана жиндир тущбаби жинцаго гьалаг гьаризе. Муъминзабазе ажру-даража гIемераб букIине бокьун Аллагьас ﷻ гьезда амру гьабуна жигьад гьабе абун. Гьеб жигьад буго инсанасе дунялалъулги ахираталъулги бахьи буголъи щолеб жо. Багьа тIадегIанаб жоялъухъ гIемераб жо щола. Инсанасе бищун багьа тадегIанаб жо жиндир рухI, напс буго. Гьеб напс Алагьасул диналъе гIоло бичараб мехалъ гьелда данде Аллагьас ﷻ кьолеб ажру цогидаб кинабго гIамалалъухъ кьолелдаса гIемераб ва къадруяб букIуна.

Ибну Касирица абуна: «Т1адегIанав Аллагьас чаран (хвалчен) гьабун буго жинца хIакъаб жо къабул гьабуларев чи хIинкъизе гьавулеблъун. Жиндихъе хIакъаб хIужа-далил бачIараб мехалъ гьелда инкар ккурав чиясул инкарги нахъе чIвалеблъун. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Маккаялда анцIила лъабго соналъ вукIана жинда Къуръан рещтIуневлъун ва гьел мушриказе баянал хIужабаздалъун жинца дагIват гьабулевлъун. Гьел Аллагьасул ﷻ амруялде хилиплъун чIарал гIадамазе камилаб хIалалъ дагIват гьабураб мехалъ, гьезие букIине кколеб хIалалъ хIужа-далилги чIезе гьабураб мехалъ, Аллагьас ﷻ изну кьуна жиндир расуласе ﷺ гьижра гьабун Мадинаялде ине ва муъминзабазда амруги гьабуна жигьад гьабе абун, тущманасул габуралда хвалченги кьабе абун».

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дун витIун вуго хвалченги босун Къиямасеб къо чIеялде гIагарлъараб мехалъ. Дир ризкъиги Аллагьас ﷻ гьабун буго дир хвалчадул рагIадалда гъоркь. Аллагьас ﷻ гIодобегIанлъи ва инжитлъи тIад гьабун буго дир амруялда хилиплъарав чиясе. жинца цо къавмалда релъинлъи гьабурав чи живги гьеб къавмалдасан вукIуна»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا وَإِبْرَٰهِيمَ وَجَعَلْنَا فِي
ذُرِّيَّتِهِمَا ٱلنُّبُوَّةَ وَٱلْكِتَٰبَ فَمِنْهُم
مُّهْتَدٍ وَكَثِيرٌ مِّنْهُمْ فَٰسِقُونَ ﴿٢٦﴾

**26. Х1акълъунго дица НухI авараг ва Ибрагьим авараг** عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ **витIана жидер къавмазда. Дица гьезул зурриятазулъ авараглъиги гьабуна, гьезда тIехьги рещтIине гьабуна. Гьел къавмаздаса жал битIараб нухалда тIоритIарал гIадамалги руго. Ва амма гьезул гIемерисел куфру-ширкалда тIад чIарал пасикъзаби руго.**

ثُمَّ قَفَّيْنَا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم بِرُسُلِنَا وَقَفَّيْنَا
بِعِيسَى ٱبْنِ مَرْيَمَ وَءَاتَيْنَٰهُ ٱلْإِنجِيلَ وَجَعَلْنَا
فِي قُلُوبِ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُ رَأْفَةً وَرَحْمَةً
وَرَهْبَانِيَّةً ٱبْتَدَعُوهَا مَا كَتَبْنَٰهَا
عَلَيْهِمْ إِلَّا ٱبْتِغَآءَ رِضْوَٰنِ ٱللَّهِ فَمَا رَعَوْهَا
حَقَّ رِعَايَتِهَا فَـَٔاتَيْنَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنْهُمْ
أَجْرَهُمْ وَكَثِيرٌ مِّنْهُمْ فَٰسِقُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Цинги гьезда хадурги Дица Дир аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **ритIана.** Цоясда хадув цояв витIун щибаб къавмалда ва щибаб бакIалда дица аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIана гьел къавмал жидеца хIакъаб диналде ахIизе. **Гьезда хадув Марьямил вас ГIисаги** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **витIана. Дица гьесухъе Инжилги кьуна. Гьев ГIиса аварагасда** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **нахърилълъарал муъминзабазул рекIелъ Дица Дидасан хIинкъиги, жидеда гьоркьоб гурхIел-рахIмуги рехана.** Гьел цоцаде тамахал, цоцаде гурхIел-рах1му бугеллъун гьаруна дица. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул асхIабзабиги гьаруураб гIадин жал цоцае рокьулел ва цоцаде гIурхIулеллъун.

**Гьединго рагьбанлъиги гьабуна (монашество) жидецаго ургъун бахъараб, Дица гьезда тIад къан букIинчIеб.** Гьеб буго дунялалъул чIаголъиялдаса мунпагIат босичIого, руччаби рачинчIого, гIадамаздаса батIа чIун Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ тIагIат гьабулел руго жал абун рукIин. **Дица гьезда тIад къан букIинчIо Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи т1алаб гьаби гурони. Гьел гIадамаз жидеда т1ад къараб дин жиб цIунизе кколеб хIалалъ цIуничIо.** Гьез дин хисизе гьабуна. Бидг1аял жал гьарун Инжилалда хъвараб жоялде гIамал гьаби тана. Жидеда хIакъав авараг вукIин лъалеб бугониги, МухIаммад аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ иманги лъечIо. **Гьездаса жидеца жидерго дин битIун гьабурал, хадуб МухIаммад аварагасда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **жидеца иманги лъурал гIадамазе дица гьезие кьезе рекъараб ажру-кири кьуна. Ва амма гьезул гIемерисел капурал ва пасикъал гIадамал руго.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَءَامِنُوا۟
بِرَسُولِهِۦ يُؤْتِكُمْ كِفْلَيْنِ مِن رَّحْمَتِهِۦ وَيَجْعَل

**28. Я гьал иман лъурал гIадамал, Нуж Алагьасда г1асилъизе хIинкъа! Гьев Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **расуласда иманги лъе! Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужее кьезе буго кIиго**

لَكُمْ نُورًا تَمْشُونَ بِهِۦ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٨﴾

**бутIа (кIиго нухалъ цIикIун) жиндир рахIматалдаса. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее нур гьабизе буго нуж гьелъул канлъиялъулъ рилълъунеб.**

**Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер мунагьалги чуризе руго. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабазда гурхIулев.**

لِّئَلَّا يَعْلَمَ أَهْلُ ٱلْكِتَٰبِ أَلَّا يَقْدِرُونَ عَلَىٰ شَىْءٍ مِّن فَضْلِ ٱللَّهِ ۙ وَأَنَّ ٱلْفَضْلَ بِيَدِ ٱللَّهِ يُؤْتِيهِ مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلْفَضْلِ ٱلْعَظِيمِ ﴿٢٩﴾

**29. Дица гьаб амру ва хIукму баян гьабун бицана китабияб агьлуялда лъазе жидер хIалкIолареблъи Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цIоб-рахIмат жидер рахъалде сверизе гьабизе ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ авараглъи жиндие бокьарав чиясе кьолеблъиги лъазе.**

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб буго гьеб Инжил-Тавраталъул агьлуялъ абун букIин: «Нижер гурони аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рукIунаро ва нижеда гурони тIехьги рещтIунаро» – абун. Гьезул рагIи нахъчIван Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьаб аят рещтIине гьабуна.

**Кинабго цIоб-рахIмат Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ихтияралда буго. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жиндир цIоб-рахIмат кIудияв.** Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIматазул бищунго кIудияб авараглъи буго. Гьеб авараглъи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ цо къавмалда хас гьабун букIунаро.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул ХIадидалъул
тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Алагьасе буго.

# 58. Суратул Мужадалат

سُورَةُ المُجَادَلَةِ

*Гьаб сурат Мадинаялда рещтIине гьабураб бугелъул гьалда жанир шаргIиял ахIкамал рицарал аятал гIемерал руго. Сураталда жиндалъун цIар тараб жиндир росасул хIакъалъулъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъарди гьабурай чIужуялъул бицун, жагьилияб заманаялъ букIараб «Зигьар» гьаби абураб жоялъул хIукму баян гьабун буго.*

*Цо мажлисалда ругеб мехалъ гьаризе кколел адабал рицун руго, гIадамазда гьоркьор ругеб мехалъ кIиго чи цоцаде щурщуди какун гьеб иш гIадамал щакдарулеб, гьезул рекIелъ квешаб асар лъугьунеб жо букIинги баян гьабун буго.*

*ТIадегIанав Алагьасда ва гьесул расуласда цо гьари гьабилелде цебе садакъа гьабизе лъикIаб букIин бицун буго: жинца лъикIаб гIамалги гьабун, гьеб лъикIаб гIамалалдалъун нух бачун жив Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *гьарулевлъун вукIине.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мажлисалде рачIунел рукIарал ягьудиязул мунапикъзабазул бицен гьабун буго: загьиралда жидеца салам кьолеб буго абун ккезе гьабун, хIакъикъаталда жидеца аварагасе* صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ *квешаб дугIа гьабулел рукIарал. Гьел ягьудиял жидеца гьудулзабилъун ккурал гIарабиязул мунапикъзабазул сипатал рицун руго.*

*Сураталъул ахиралда баян гьабун буго муъминчиясе цо жо бокьи ва гьеб рихин Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *разилъи тIалаб гьабун, гьесул диналъе квербакъи гьабун букIине ккоелблъи, Аллагьасдаги* جَلَّجَلَالُهُ *гьесул расуласдаги жидеца тущманлъи гьабулел гIадамал муъминзабаца гьудулзабилъун кквезе бегьулареблъиги.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

قَدْ سَمِعَ اللَّهُ قَوْلَ الَّتِي تُجَادِلُكَ فِي زَوْجِهَا وَتَشْتَكِي إِلَى اللَّهِ وَاللَّهُ يَسْمَعُ تَحَاوُرَكُمَا إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ ﴿١﴾

**1. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда рагIана, я МухIаммад** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, жиндир росасул бицун дуде гьикъардарай чIужуялъул хабар. Гьей Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **зигардулейги йикIана, Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **дурги гьелъулги хабарги рагIулеб букIун ва**

**лъалеб букІун.** Аллагь ﷻ нужеца бицунеб жо жинда лъалев вуго.

**ХІакълъунго ТІадегІанав Аллагь жинда кинабго жо рагІулев ва бихьулев вуго.**

Гьаб аят ва гьалда хадуб бугеб лъабго аятги рещтІине гьабиялъе сабаблъун бицун жинда Аллагь разилъаяй ГІайшатидаса имам Бухарияс бицараб хІадисалда буго: *«Жив ТІадегІанав ва ВацІцІадав вуго Аллагь, жинда киналниги гьаркьал рагІулевги вуго. ХІакълъунго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе Хавлат Бинту СагІлабат абулей гІадан ячІана жиндир рос Авс ибну Самитил гІарз бицун. Дунги рукъалъул цояб рахъалда йикІана ва дида гьез бицунеб хабар рагІулеб букІана, цо-цо бакІ мухІканго рагІичІогоги хутІулеб букІана»*-абун. *Гьей Халватица абулеб букІана: «Я расулаллагьи! Гьев Авсица дидаса зигьар гьабуна дун херлъараб мехалъ, дир хІалги дагьлъараб мехалъ. Дир гІолохъанлъиги гьес хвезабуна, дица гьесие лъималги гьаруна. Дица гьесие гьарурал гІисинал лъимал руго: гьесухъе кьуни гьел гІадада холел руго, дида аскІор тани гьел ракъулелги руго. Щиб жо дица гьабилеб? Дуца нижеда гьоркьоб хІукму гьабе» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьелда абулеб букІана: «Дида мун гьесие хІарамайлъун лъугьун йихьулей йиго» – абун. Хадубги Хавлатица абулеб букІана: «Я расулаллагьи! Гьес дир цІар тІамичІо, гьев дие вокьулев чиги вуго ва дир лъималазул эменги вуго» – абун. Аварагас ﷺ добго жаваб кьураб мехалъ Хавлатица абуна: «Я дир Аллагь! Дица дуде буго гьаб зигарди гьабулеб» – абун. Гьедин гьел кІиялго рукІаго Жабраил малаик вачІана гьал аяталги росун»*-абун.

Жагьилияб заманаялъ гІарабиязул гІадат букІана жиндие чІужу рихараб мехалъ гьелда абулеб: «Гьанже мун дир эбелалда релълъун йиго» – абун, яги гьелда релъараб магІна бугеб рагІи абулеб. Гьеб рагІи абураб мехалъ гьел рос-лъади цоцадаса ратІалъулаан. Гьеб буго "Зигьар" гьаби абураб рагІиялъул магІна. Гьаб жагьилияб хІукму хвезе гьабун тІадегІанав Аллагьас абулеб буго:

ٱلَّذِينَ يُظَٰهِرُونَ مِنكُم مِّن نِّسَآئِهِم مَّا هُنَّ أُمَّهَٰتِهِمْ ۖ إِنْ أُمَّهَٰتُهُمْ إِلَّا ٱلَّٰٓـِٔى وَلَدْنَهُمْ ۚ وَإِنَّهُمْ لَيَقُولُونَ مُنكَرًا مِّنَ ٱلْقَوْلِ وَزُورًا ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَعَفُوٌّ غَفُورٌ ﴿٢﴾

2. **Нужедаса цо гІадамаз жидер руччабаздаса зигьар гьабуна абун гьел руччаби гьезие улбуллъун лъугьунаро.** Эбелалъул гІадаб хІукму букІунаро: гьей чІужулъун ячине хІарамлъуларо. **Нужер улбул руго жидеца нуж гьарурал нужер хІакъикъиял улбул.**

ШаргIалъул хIукмуялдалъун нужеца щуго нухалъ батIа-батIаго жидер керен хахарал руччабиги рукIуна нужер рахьдал улбуллъун. Цогидал руччаби нужер улбуллъун рукIунаро. **Гьел гIарабияз абулеб рагIи буго жиб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ шаргIалда рекъечIеб, мункараб ва гьересияб рагIи. Х1акълъунго, ТIадегIанав Аллагь жив тIаса лъугьунев ва жив гурхIулев вуго.** Гьаб шаргIияб хIукму рещтIинегIан цебеккун нужедаса ккараб зигьар гьабиялдаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тIаса лъугьуна ва нужеца тавбу гьабун, лъикIаб гIамал гьабун нуж хьвадани, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ нужеда гурхIула.

Гьаб цо аяталда жаниб ункъо батIияб далил буго зигьар гьаби хIарамаб букIиналъе. Цо буго: «Гьей дир эбелалда релълъун йиго» – абураб мехалъ гьев чияс гьереси бицунеб букIин. КIиабилеб буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зигьар гьаби мункараб жо буго абун аби. Лъабабилеб буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев чиясул рагIи гьереси гьабун абун букIин: «Гьел руччаби нужер улбул гьечIо» – абун. Ункъабилебги буго: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеца зигьар гьабурал гIадамаздаса жив тIаса лъугьинаян абун букIин. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ тIаса лъугьуна жиндир лагъас шаргIалда хIарамаб жоги гьабун, хадув гьев чи рекIекълъун, тавбу гьабун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ вуссараб мехалъ.

Гьеб зигьар гьаби хIарамаб букIин бицун хадуб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бицунеб буго жидеца гьеб зигьар гьабурал гIадамаз гьабизе кколеб жо ва жинца абулеб буго:

وَٱلَّذِينَ يُظَٰهِرُونَ مِن نِّسَآئِهِمۡ ثُمَّ يَعُودُونَ لِمَا قَالُواْ فَتَحۡرِيرُ رَقَبَةٖ مِّن قَبۡلِ أَن يَتَمَآسَّاۚ ذَٰلِكُمۡ تُوعَظُونَ بِهِۦۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ ٣

**3. Жидеца руччабаздаса зигьарги гьабун букIун, цинги гьел руччабазда аскIор рукIине бокьарал гIадамаз, цо муъминав лагъ тархъизе ккела жал гьел руччабазда хъатIилелде цебе (жимагI гьабилелде цебе). Гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму буго жиндалъун нужее вагIза гьабулеб ва нуж гьеб зигьар гьабиялдаса нахъе чIвалеб.**

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалевги вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

فَمَن لَّمۡ يَجِدۡ فَصِيَامُ شَهۡرَيۡنِ مُتَتَابِعَيۡنِ مِن قَبۡلِ أَن يَتَمَآسَّاۖ فَمَن لَّمۡ يَسۡتَطِعۡ فَإِطۡعَامُ سِتِّينَ مِسۡكِينٗاۚ ذَٰلِكَ لِتُؤۡمِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦۚ وَتِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِۗ وَلِلۡكَٰفِرِينَ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٤

**4. Жинда муъминав лагъ тархъизе кIвечIев чияс кIиго моцIалъ татIалаго (гьоркьоб цохIо къо биччачIого) кIал ккезе ккела гьел руччабазда жал хъатIилелде цебе. Гьелдаги жиндир хIалкIвечIев чияс лъабкъого**

**мискинчиясе кваназе квен кьезе ккела.**

Гьезие цо нухалъ кваназе жиб гIолеб къадар, яги гьезие сордо-къоялъ кваназе жиб гIолеб къадар.

**Гьаб хIукму Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее баян гьабуна нужеца Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, гьесул расуласдаги тIубараб хIалалъ иман лъезе, жагьилал гIадаталги тун шаргIияб хIукмуялда нахърилълъине. Гьаб буго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргIалъул хIукму ва гьелъул гIорхъаби. Гьал гIорхъаби хвезе гьарун жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялде инкар кколел гIадамазе жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда инкар кквей Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар кквей букIуна. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда инкар кквечIониги гьеб хIукмуги жибго тун цоги хIукму гьабулеб бакIалде ин: законалде ин, гIадатазде яги гIасиял, пасикъал гIадамаз гьабулеб хIукмуялде ин цIакъ кIудияб мунагь буго куфруялде жиб гIагараб. Гьаб кIудияб мунагь гьабулеллъун, жидер ахир мекъаблъун ккеялда хIинкъаралльун руго гьаб заманалъул гIемерисел бусурбаби. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаргIалда рекъон хIукмуги гьабулел, цинги гьеб хIукмуялда жалги разилъулел гIадамал руго хIакъикъиял муъминзаби.

إِنَّ الَّذِينَ يُحَادُّونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ كُبِتُوا كَمَا كُبِتَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَقَدْ أَنزَلْنَا آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ وَلِلْكَافِرِينَ عَذَابٌ مُّهِينٌ ﴿٥﴾

**5. ХIакълъунго жидеца Аллагьасулги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласулги амруялда хилиплъи гьабулел ва гьездехун жидеца тущманлъи гьабулел гIадамал гIодорегIан гьарула ва хIакъир гьарула гьезда цере рукIарал умматазул капурзаби ва мушрикзаби гIодорегIан гьарурал гIадин.**

**ХIакълъунго Дица гьел гIадамал битIараб нухалда тIоритIизе шаргIиял ахIкамал баян гьарун аяталги рещтIине гьарун руго. Гьел аятаздаги, гьел аятал жинца рещтIине гьарурав Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ жидеца инкар кколел гIадамазе гьел гIодорегIан гьарулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ اللَّهُ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا أَحْصَاهُ اللَّهُ وَنَسُوهُ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ﴿٦﴾

**6. Дуца ракIалде щвезабе, МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьеб кинабго халкъ цохIо ГIарасат майданалда бахъине гьабулеб гIуж. Гьеб къо буго цIакъ хIинкъи бугеб къо. Гьел гIадамазда жидеца гьабураб гIамал бицуна: жидеда гьеб кIочон букIараб, амма Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзаби хъвазе риччан нахъе цIунун букIараб. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жинда**

**кинабго жо бихьулев ва лъалев. Гьесие щибго жо бальго хутIуларо.**

أَلَمْ تَرَ أَنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي
ٱلْأَرْضِ ۖ مَا يَكُونُ مِن نَّجْوَىٰ ثَلَٰثَةٍ إِلَّا هُوَ
رَابِعُهُمْ وَلَا خَمْسَةٍ إِلَّا هُوَ سَادِسُهُمْ وَلَآ أَدْنَىٰ
مِن ذَٰلِكَ وَلَآ أَكْثَرَ إِلَّا هُوَ مَعَهُمْ أَيْنَ مَا
كَانُوا۟ ۖ ثُمَّ يُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا۟ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۚ
إِنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٧﴾

**7. Дуда лъаларищ, ва дуца пикру гьабуларищ, я гьав инсан, тIадегIанав Аллагь вукIин зобалаздаги ракьалдаги бугеб жо жинда лъалев. Лъабго чиясул цоцаде щурун, бальго кIалъай букIунаро гьеб хабаралде гIенекун ункъабилев чилъун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIун гурони. Щугояв бальго хабар бицунел ругони–гьенивги анлъабилевлъун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIуна.**

**Гьездасан дагьал гIадамал ругониги, яги гIемерал ругониги Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIуна гьелгун цадахъ; кире гьал ругониги, щиб гьез бицунеб бугониги ва щиб гьабулеб бугониги.** Жиндир г1елму лъаялдалъун. **Цинги гьез гьабураб кинабго гIамал гьезда бицине буго Къиямасеб къоялъ. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго.**

Гьаб хадуб бугеб аят рещтIине гьабуна муъминзабаздаги ралагьун гьезда нахъаса щурщудулел, бераз ишара гьабун, хъат кьабун релъанхъун жидеца муъминзаби гIодорегIан гьарулел рукIарал ягьудиязул ва мунапикъзабазул хIакъалъулъ:

أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ نُهُوا۟ عَنِ ٱلنَّجْوَىٰ ثُمَّ يَعُودُونَ
لِمَا نُهُوا۟ عَنْهُ وَيَتَنَٰجَوْنَ بِٱلْإِثْمِ وَٱلْعُدْوَٰنِ
وَمَعْصِيَتِ ٱلرَّسُولِ ۖ وَإِذَا جَآءُوكَ حَيَّوْكَ بِمَا لَمْ
يُحَيِّكَ بِهِ ٱللَّهُ وَيَقُولُونَ فِىٓ أَنفُسِهِمْ لَوْلَا يُعَذِّبُنَا
ٱللَّهُ بِمَا نَقُولُ ۚ حَسْبُهُمْ جَهَنَّمُ يَصْلَوْنَهَا ۖ
فَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٨﴾

**8. Мун валагьулариш МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьал гIадамазда: жидеда нагью гьабун букIарал нуж муъминзабазда нахъаса щурщудуге абун, цингиги жидеца гьеб щурщуди гьабулел ва жидеда гьабураб нагью хвезе гьабулел? Гьел щурщудулел руго жидеего мунагь букIунеб жо бицун ва муъминзабаздехун тушманлъи гьабун.**

**Ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласда гIасилъи ва тушманлъи гьабунги. Духье жал рачIараб мехалъ гьел ягьудияз дуе тахIият гьабулеб буго** (кIодо гьави, салам гьаби) **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьабе абун амру гьабураб гуреб жоялдалъун.**

Ассаламу гIалайкум абизе кколеб бакIалда гьез абулеб буго Ассаму-гIалайкум абун. Гьелъул магIна букIуна: !Нужее загьру буго, хвел буго» – абураб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьезул мурад бичIчIулеб букIана ва жинца абулеб букIана «ВагIалайкум» – абун. Цоги рагIи

тIаде цIикIкIине гьабичIого гьелъул магIна букIуна «нужееги гьебго жо»-абураб.

Гьел квешлъаби гьарун хадубги, **гьез жидедаго гьоркьоб абулеб букIана, щае нижее гIазаб гьабулеб гьечIеб абун, нижеца бицунебжо сабаблъун. Гьев хIакъав авараг вукIаравани щвелаан гурищ нижеда гIазаб абун.**

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Гьезие гIазаблъун жагьанамма гIезе буго, жидеца гьелъул цIадул гIазаб чIамулеблъун букIунеб. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жагьаннама.** Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги гьелдаса.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIайшатги аскIой йикIун ягьудиял рачIана аварагасухъе ﷺ ва гьез абуна: *«Ассаму гIалайкум» – абун. Гьеб жинда рагIараб мехалъ ГIайшатица абуна: «Нужее буго загьруги Аллагьасул ﷻ лагIнатги» – абун. Гьел ягьудиял нахъе ун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Мун дагьай бигьа йикIа ГIайишат. Аллагьасе ﷻ бокьуларо къабихIаб рагIи бицин ва къабихIаб гIамал гьаби» – абун. Жинда Аллагь разилъаяй ГIайшатица абуна: "Я расулаллагьи! Дуда рагIичIищ гьел ягьудияз абураб рагIи» – абун. Аварагас ﷺ абуна: «Дуда рагIичIищ дица гьезие кьураб жаваб? Дица гьезда абуна «Нужееги гьебго буго» – абун. Аллагьас ﷻ дир дугIаялъе жаваб гьабизе буго гьезие зараралъе дица гьабураб, амма гьез дие зараралъе гьабураб дугIаялъе Аллагьас ﷻ жаваб гьабизе гьечIо»* – абун. ХIадис ибну абиХIатимица бицана.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا تَنَٰجَيۡتُمۡ فَلَا تَتَنَٰجَوۡاْ بِٱلۡإِثۡمِ وَٱلۡعُدۡوَٰنِ وَمَعۡصِيَتِ ٱلرَّسُولِ وَتَنَٰجَوۡاْ بِٱلۡبِرِّ وَٱلتَّقۡوَىٰۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ ٱلَّذِيٓ إِلَيۡهِ تُحۡشَرُونَ ۝٩

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж цоцаде щурун кIалъалеб мехалъ нуж кIалъаге мунагь бугеб жо бицун, Аллагьасдехун ﷻ ва гьесул расуласдехун тущманлъи бугеб, Аллагьасул ﷻ расуласда гIасилъи бугеб жо бицун. Нуж цоцаде кIалъае лъикIаб хабар бицун ва Аллагь ﷻ разилъулеб, гьесдаса хIинкъиялъул хабар бицун.**

**Нуж хIинкъа ахираталда жинде руссине ругев Аллагьасда ﷻ гIассилъизе.** Гьес гьабизе буго нужер хIисаб-мизан.

إِنَّمَا ٱلنَّجۡوَىٰ مِنَ ٱلشَّيۡطَٰنِ لِيَحۡزُنَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَلَيۡسَ بِضَآرِّهِمۡ شَيۡـًٔا إِلَّا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلۡيَتَوَكَّلِ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ۝١٠

**10. ХIакълъунго гьеб мунагь ва тущманлъи жиндилъ бугеб жо бицун гьабулеб хабар щайтIаналъул макру буго, гьелъ гуккарал гIадамазул гIамалги буго. ЩайтIаналъ муъминзаби**

**гуккула хадур гьел пашманлъизе ва гьезие гIазаб щвезе бокьун. Амма гьеб щайтIаналда кIоларо Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ изну букIун гурони цониги чиясе щибго зарал гьабизе.**

**Гьаб амру гьадин бугелъул муъминзабаца цохIо Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ тIаме таваккал.** Гьедин Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ божун ва гьесда таваккал тIамун хьвадараб мехалъ гьел мунапикъзабазул хIилла-макруялъ ва гьезул щурщудиялъ муъминзбазе зарал гьабуларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер лъабго чи вугеб мехалъ, кIигояс цоцаде щурун хабар бицунге, дов гьалмагъ харбилъ гIахьал гьавичIого. Гьедин хабар бицани гьев гьалмагъасе нужеца зарал гьабула»* – абун. ХIадис имам Муслимица бицана.

Досул рекIелъе квешаб хиял рехизе бегьула жиндаса балъго хабар бицунеб бихьараб мехалъ.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا قِيلَ لَكُمۡ تَفَسَّحُواْ فِي ٱلۡمَجَٰلِسِ فَٱفۡسَحُواْ يَفۡسَحِ ٱللَّهُ لَكُمۡۖ وَإِذَا قِيلَ ٱنشُزُواْ فَٱنشُزُواْ يَرۡفَعِ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنكُمۡ وَٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡعِلۡمَ دَرَجَٰتٖۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ ١١

**11. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеда абураб мехалъ нуж гIодор чIун ругеб мажлис (хIалкъа) гIатIид гьабе абун нужеца гьеб мажлис гIатIид гьабе ва гьенир нужер диналъул вацал гIодор чIезе бакI гьабе! Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее гIатIид гьабизе буго жиндир рахIматал ва алжаналъул даражаби. Нужеда амру гьабураб мехалъ цо мажлисалдаса рахъун а абун, нуж рахьун тIадегун нахъе а** ва гьеб амру нужеца ракI разилъун къабул гьабе.

**Нужедаса муъминзаби Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIадегIан гьаризе руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидее гIелму кьурал муъминзаби цIакъго даража тIадегIанал рукIине руго. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.** Гьеб гIамалалъул загьирабги лъала Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ ва батIинабги лъала.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе бокьулеб букIана Бадроялъул агьлу кIодо гьабизе: Гьел рук1индал мугьажирал ва ансарал. Бищунго аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ къварилъи бугеб мехалъ гьесие квербакъи гьабуралги рукIиндал. Цо къоялъ Сабит ибну Къайсгун цадахъ ансаразул къукъа бачIараб мехалъ гьезие аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ аскIор гIодор чIезе бакI букIинчIо ва гьел хIалкъаялдаса къват1ир эхетун чIун рукIана. Гьенир гIодор чIун рукIарал асхIабзабацаги гор гIатIид гьабун гьезие гIодор чIезе бакI гьабичIого. Гьаб амру захIмалъун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо асхIабзаби цIар рехсон эхеде рахъине гьаруна ва

гьезул бакIалда Сабит ибну Къайсги гьесул гьалмагъзабиги гIодор чIезе гьаруна. Цинги жал эхеде рахъине гьарурал асхIабзабазеги захIмалъана гьеб амру. Киназего бокьулеб букIана аварагасда ﷺ аскIор мажлисалда гIодор чIезе. Гьеб амруги кодобе босун мунапикъзабаца квешаб хабар бицана ва гьез абуна: «Гьаб битIараб гIадлу гьечIо! Цоял эхеде рахъине гьарун цогидал гIодор чIезе гьаризе бегьилищ?» – абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас ﷻ гьаб аят рещтIине гьабуна.

Аллагьасул свалат салам леяв аварагасул хIадисалда буго: *«Нужеца цо чи эхеде вахъине гьавуге, гьесул бакIалда нуж гIодор чIезе гIоло! Нужеца цоцазе бакI гIатIид гьабе ва цоцада гурхIелги гьабе! Аллагьас ﷻ нужееги кинабго лъикIлъи гIатIид гьабизе буго!»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Цоги хIадис буго: *«Цо муъминчи жиндир вацасе квербакъи гьабулев вугебгIан мехалъ, Аллагь ﷻ гьев муъминчиясе квербакъи гьабулев вукIуна»* – абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьаб аяталъул ва гьал хIадисазул магIна ва мурад буго муъминзабаца цоцазе лъикIлъи-гIатIилъи гьаби, гурхIел-рахIму гьаби. Гьедин муъминзаби хьвадараб мехалъ гьезда Аллагьги ﷻ гурхIула.

Гьаб бакIалда чара гьечIого бицине ккараб бахIс буго цо чи тIаде вачIараб мехалъ гьев чиясе тIаде рахъиналъул. Гьаб масъалаялда сверухъ г1емер к1алъалел, гьеб к1удияб мунагь х1акълъун рик1к1унел цо г1адамал ругелъул, бусурбабада гьоркьоб хилап ва хабар г1емерлъулеб буго. Гьеб хилап бижиналъе сабаб буго цо гIадамазе кIодолъи гьабун, гьезие тIаде рахъун, гьезие мажлисалда лъикIаб бакI кьун хьвадулел цо-цо гIадамал рукIин ва гьединаб кIодолъи жидее гьабизе бокьулел цогидал гIадамал рукIинги. Гьаб бахIсалъул къокъаб хIасил буго: шаргIалда какараб жо буго цо чиясе жив кIодо гьавизе бокьи. Жив тIаде вачIараб мехалъ гIадамал тIаде рахъин, жиндие гIодов чIезе лъикIаб бакI кьей, цинги жиндир хIурмат гьабун гьел гIадамал эхетун чIей бокьулев чи вуго шаргIалда какарав чи.

Гьаб буго жагьилияб заманалдаса байбихьун, гIадамал «ханлъиги», «лагълъиги»-абураб кIиго тайпаялде рикьараллъун букIараб гIадаталъул нахъе хутIараб квешаб асар. Исламияб диналъ киналго гIадамал цоцада ращад гьаруна ва гьел гIадамазе цоязе цогидаздаса тIокIлъи гьечIо Аллагьасдаса ﷻ хIинкъи цIикIкIун букIиналдалъун гурони. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав чиясе гIадамаз жив кIодо гьавизе бокьуларо. ШаргIалда беццараб тIабигIат буго муъминзабаца цоцазул адаб-хIурмат гьаби. Жидеде тIаде вачIарав чиясул адаб гьабун тIаде рахъине бегьула гьев чи ватIа гьавулев гьечIони! Мискинав

чи вугониги, бечедав вугониги, хIаким вугониги, жагьил вугониги щибго батIалъи гьабичIого гьев жиндир диналъул вац вукIин хал гьабун, гьесул хIурмат гьабун тIаде вахъин сунатаб буго. ХIакимасул, я гIалимасул адаб-хъатир гьабиги шаргIалда нахъчIвараб жо гьечIо. Амма асх1абзабаздасан авараг ﷺ вокьулев чиги вук1инч1о, гьедин бугониги гьел гьесие т1ад рахъунел рук1инч1о аварагасе ﷺ гьеб бокьулареблъи лъан.

Гьаб кинабго бахIсалъул хIасил буго жив тIаде вахъуневги, жиндие тIаде вахъуневги Аллагьасул ﷻ ва гьесул расуласул шаргIалда нахъвилълъун, гьеб шаргIалда рекъон хьвадулел рукIин. БичIчIизе ккараб жо буго цо бакIалъ чи берцин гьавуларо, чияс гьеб бакI берцин гьабула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бокьулеб букIинчIо жиндие гIоло тIадеги рахъун хириял асхIабзаби мухъал гьарун, гьесда ралагьун чIезе, ханасда цебе гьесул рагIият чIолеб хIалалъ. Ва амма хIакъаб ва щибго щаклъи гьечIеб жо буго гьев аварагасул ﷺ хъатир гьабун гьев тIаде вачIараб мехалъ асхIабзаби тIаде рахъунел рукIараблъи ва гьесие гIодов чIезе бакI кьолеб букIараблъиги.

Хирияв авараг ﷺ жив цо мажлисалда вачIараб мехалъ жив щвараб бакIалда гIодов чIолев вукIана. Гьеб мажлисалъул лъикIаб-тIокIаб бакI кибдай буго абун валагьулев вукIинчIо. Цинги гьев авараг ﷺ гIодов чIараб бакI лъугьунеб букIана мажлисалъул бищун хирияб бакIлъун ва киналго асхIабзабиги гьесдехун руссун гIодор чIолел рукIана. Гьаб хабар гIакълу бугел гIадамазе гIураб вагIза буго ва бусурбаби щибго жидеда хIакъикъат лъалареб жоги бицун цоцалъ къацандулел рукIин ва цоцадаса жал лъикIаллъун рихьун хьвади лъикI гьечIо.

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا نَـٰجَيْتُمُ ٱلرَّسُولَ فَقَدِّمُوا۟ بَيْنَ يَدَىْ نَجْوَىٰكُمْ صَدَقَةً ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ لَّكُمْ وَأَطْهَرُ ۚ فَإِن لَّمْ تَجِدُوا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢﴾

**12. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужее бокьараб мехалъ Алагьасул расуласулгун балъгояб хабар бицине (гьев цохIо вугеб бакIалда хабар бицине), нужеца гьеб хабар бицинелде цебе Аллагьасе ﷻ гIоло мискин-пакъирасе садакъа кье. Гьедин гьабуни нужее лъикI буго ва гьеб г1амал нужер мунагьал чурулеб, ва ният бацIцIад гьабулеб буго. Нужеда садакъаде кьезе жо батичIони, Х1акълъунго Аллагь нужеда тIаса лъугьунев ва нужеда гурхIулев вуго.** Нужее щибго мунагь-хIакъ гьечIо гьеб садакъа кьечIого нуж аварагасда ﷺ аскIоре ун гьесда кIалъана абун.

Гьаб аяталда жаниб ишара буго Аллагьасда ﷻ дугIа гьабун гьесдаса жиндие лъикIлъи щвезе бокьарав чиясе суннатаб букIин гьеб дугIа

гьабилелде цебе садакъаде жо кьей.

**13. Нуж хIинкъулелищ ругел, я гьал муъминзаби, аварагасда ﷺ к1алъалалда цебе нужеца садакъаде боцIи-мал кьуни нуж мискинлъила абун.** Нуж гьелдаса хIинкъуге! Т1адегIанав Аллагьас бищун дагьабги анцIго нухалъ цIикIкIун жазаъ гьабула жидеца садакъа гьабурал гIадамазе.

ءَأَشْفَقْتُمْ أَن تُقَدِّمُوا۟ بَيْنَ يَدَىْ نَجْوَىٰكُمْ صَدَقَٰتٍ ۚ فَإِذْ لَمْ تَفْعَلُوا۟ وَتَابَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمْ فَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ ۚ وَٱللَّهُ خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٣﴾

**Нужеца гьеб садакъа кьечIониги Аллагь ﷻ нужеда тIаса лъугьарав вуго.** Нужее захIмалъи ва къварилъи бокьарав гьечIо тIадегIанав Аллагь. **Нужеца паризаяб как баялда тIадчIей гьабе:** гьелъул гIуж цIунун, арканал, шурутIал тIуран, Аллагьасе ﷻ хIелун ва мутIигIлъун. **Нужер боцIудаса паризаяб закатги кье. Цогидаб кинабго амру-нагьюялъулъ нуж Аллагьасе ﷻ ва гьесул расуласе ﷺ мутIигIлъе. Гьеб хIалалъ нуж хьвадани нужее лъикI буго ва тIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасица абуна: «Къуръаналда жаниб цохIо гьаб аят буго жинда гIамал гьабилелде цебего насхо гьабураб. «Нужеца садакъа кье Аллагьасул ﷻ расуласда кIалъалелде цебе»– абун. Амру гьабуна ТадегIанав Аллагьас ва гьебго сагIадаталда жаниб гьеб амру тIаса борхун садакъа кьейи суннаталде сверизе гьабуна.

**14. Дуда гьал мунапикъазул хIал бихьуларищ, МухIаммадﷺ, ва дуца гьезда гIажаиблъи гьабуларищ? Гьез Аллагьасул ﷻ ццим бахъарал ягьудиял кколел руго жидер гьудулзабилъун ва вализабилъунги. Гьал мунапикъзаби нужедаса гьечIо.**

۞ أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ تَوَلَّوْا۟ قَوْمًا غَضِبَ ٱللَّهُ عَلَيْهِم مَّا هُم مِّنكُمْ وَلَا مِنْهُمْ وَيَحْلِفُونَ عَلَى ٱلْكَذِبِ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿١٤﴾

Гьел нуж гIадал муъминзаби гьечIо жидер иманалъулъ ритIухъал. **Дол ягьудияздасаги гьечIо гьел.** Гьел руго жал щакдарулел, цониги рахъалда жал гьечIел гIадамал. **Гьел гьересияб гьа гьедун гьедарулелги руго жидеда лъалебги букIаго жидеца гьересияб гьа гьедулеб букIин.** Гьаб буго цIакъго къадарал, хIалихьатал гIадамазул тIабигIат-гIамал.

Гьаб аят рештIине гьабиялъе сабаб бицана: ГIабдуллагь ибну Набтал абулев мунафикъ вукIана жив Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIов чIолев, гьесул хабаралдаги гIенеккулев, цинги гьеб

хабарги босун ягьудиязухъе унев ва гьелгун цадахъ аварагасда ﷺ нахъаса гаргадулев. Цо нухалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинда аскIор ругел асхIабзабада абуна: *«Гьаб сагIат нилъеда тIаде вичIине вуго жиндир ракI залимав ва жив щайтIаналъул бераздалъун валагьулев чи»-абун. Цинги гьав ГIабдуллагь жаниве лъугьун вачIана. Гьев вукIана жиндир берал цIикарав чи»-абун.*
*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Г1абдуллагь ибну Набталида абунаб «Дуцаги дур гьалмагълъиялъги дида рогьоб щай балеб»-абун. Гьес Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIаралдалъун гьедун абуна: Жинца рогьоб баларо абун. Аварагас ﷺ абуна: «Дуца гьеб рогьоб бана»-абун. Цинги гьев ГIабдуллагь жиндир гьалмагъзабиги рачун вачIана ва гьелги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIар бахъун гьедана: Жидеца аварагасда ﷺ рогьоб бачIо абун.* Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна. (14 аят). Х1адис ибну абиХ1атимица бицана.

**15. ТIадегIанав Аллагьас гьезие хIадурун буго цIакъ кутакаб, жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб. Х1акълъунго гьел руго жидеца гьабулеб гIамал цIакъ квешаблъун бугел гIадамал.**

أَعَدَّ ٱللَّهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا ۖ إِنَّهُمْ سَآءَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٥﴾

**16. Гьез гьересияб гьа гьеди ккун буго гьелдалъун жал дунялалъул гIазабалдаса ва ничалдаса цIунулеб жолъун.**

ٱتَّخَذُوٓا۟ أَيْمَٰنَهُمْ جُنَّةً فَصَدُّوا۟ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ فَلَهُمْ عَذَابٌ مُّهِينٌ ﴿١٦﴾

Жалги бусурбаби руго абун жидер биги боцIи-малги цIунулеб буго гьез. Цинги нахъаса хъубаб хабар бицун **Исламалда рачIунел гIадамал гьеб битIараб дин босиялдаса гьукъулелги руго.** Исламияб диналда ругел иман загIипал гIадамал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьабиялдасаги гьукъулел руго, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласе квербакъи гьабиялдаса гьел нахъчIвалелги руго. **Гьал мунапикъзабазе ахираталда цIакъ гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине буго.** Мунапикъзабазе ахираталда жужахIалъул бищунго тIиналда бугеб рукъ буго: тIадехун ругел киналго капурзабазул ва мушриказул чурхдул рухIараб рохъоги, гьезул хьверд-рецIцIалъул махIцараб лъарги гьезда т1аде чвахулеб букIине буго.

**17. Гьел мунапикъзабазе щибго кумек гьабизе гьечIо жидер боцIи-малалъ ва лъималаз Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гIазаб гьабулеб къоялъ. Гьел гIадамал руго**

لَّن تُغْنِىَ عَنْهُمْ أَمْوَٰلُهُمْ وَلَآ أَوْلَٰدُهُم مِّنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿١٧﴾

**даимго жанир рукIинелъун жужахIалде лъугьине гьарулел.**

يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ ٱللَّهُ جَمِيعًا فَيَحْلِفُونَ لَهُۥ كَمَا يَحْلِفُونَ لَكُمْ ۖ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ عَلَىٰ شَىْءٍ ۚ أَلَآ إِنَّهُمْ هُمُ ٱلْكَـٰذِبُونَ ﴿١٨﴾

**18. Къиямасеб къоялъ гьеб кинабго халкъ тIаде бахъине гьабун хIисаб-мизан гьабизе махIшаралде ракIарараб мехалъги жакъа нужее гIадинго гьел мунапикъзаби гьа гьедун Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **гаргадизе руго «жидеца ширк гьабичIо, жал иман лъурал рукIана»-абун.**

**Гьезда ракIалде ккезе буго х1акълъунго гьеб гьа гьедиялъ жидее кумек гьабила абун.**

Дунялалда гьересияб гьаги гьедун жал гIазабалдаса хвасарлъарал гIадин. **Нуж кантIе, гIадамал! Х1акълъунго гьал мунапикъзаби руго жидеца цIакъ гьерси бицунел гIадамал.** Гьедин гIемер гьереси бициналда ругьунлъун гьез Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ цере хIисаб-мизаналъе рахъиндалги гьереси бицунеб буго. Ц1акъ кIудияб ахIмакълъи гьечIищ гьаб амру!

ٱسْتَحْوَذَ عَلَيْهِمُ ٱلشَّيْطَـٰنُ فَأَنسَىٰهُمْ ذِكْرَ ٱللَّهِ ۚ أُو۟لَـٰٓئِكَ حِزْبُ ٱلشَّيْطَـٰنِ ۚ أَلَآ إِنَّ حِزْبَ ٱلشَّيْطَـٰنِ هُمُ ٱلْخَـٰسِرُونَ ﴿١٩﴾

**19. Гьел руго жал щайтIаналъ махсароде ккурал гIадамал: щайтIаналъ гьезул ракIаздаги напсаздаги тIад тIубанго кверщел гьабун буго ва гьезда Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **рехсейго кIочон буго.**

**Гьаб буго унго-унгояб щайтIаналъул къукъа (партия). Нуж кантIе, я гьал гIадамал! Гьаб щайтIаналъул къукъа буго жиб тIубанго гIадада хвараб ва жал дармие тIубанго къарал.** Гьел гIадамаз Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидее нигIматлъун кьураб дунялалъул чIаголъи сверизе гьабуна ахираталда жидее абадияб гIазаб гьабизе сабаблъун букIунеб жолъун.

إِنَّ ٱلَّذِينَ يُحَآدُّونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ أُو۟لَـٰٓئِكَ فِى ٱلْأَذَلِّينَ ﴿٢٠﴾

**20. ХIакълъунго жидеца Аллагьасдаги** جَلَّ جَلَالُهُ**, гьесул расуласдаги тущманлъи гьабулел гIадамал руго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гIодорегIан гьарурал, Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахIматалдаса жал рикIкIад гьарурал гIадамал.**

كَتَبَ ٱللَّهُ لَأَغْلِبَنَّ أَنَا۠ وَرُسُلِىٓ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ قَوِىٌّ عَزِيزٌ ﴿٢١﴾

**21. ТIадегIанав Аллагьас хIукму гьабун, къадар гьабун буго: Дунги Дир аварагзабиги** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ**, гьезда нахърилълъарал муъминзабиги руго жал бергьунел абун.**

**ХIакълъунго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жив къуватав, жиндир гуч бергьарав в жиндаса щивго чи бергьунарев.**

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана: ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазе Макка шагьарги Хайбарги, ТIаифги рагьараб мехалъ гьел цIакъ рохана ва жидеца абуна: «Нижер хьул буго Аллагьас ﷻ нижее румазулги, пурсазулги улкабиги рагьила»–абун. Цинги Г1абдуллагь ибну Салул абулев мунапикъзабазул бетIерас абуна: «Нужеда ракIалде кколебищ бугеб гьал кIудиял улкаби нужеца рахъарал гIарабиязул росабазда релълъун руго абун? Валлагьи гьел улкабазул боялги гIемерал руго, къуват-гучги цIикIкIараб буго, ярагъги лебалаб буго. Нужеда ракIалде кколеб хIалалъ гьечIо гьел улкабазул хIал» – абун.

Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна ва гьелда жаниб баян гьабуна Аллагьасулалда ﷻ къуват-гуч бащадав щивго чи гьечIеблъи ва ахир-къадги бергьенлъи муъминзабазе букIине букIиналда. Аллагьас ﷻ гьеб бергьенлъи нилъеде гIагар гьабеги ва гьеб бергьенлъи босулел муъминзабаздаса нилъги гьареги!

لَّا تَجِدُ قَوۡمًا يُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ
يُوَآدُّونَ مَنۡ حَآدَّ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ وَلَوۡ كَانُوٓاْ
ءَابَآءَهُمۡ أَوۡ أَبۡنَآءَهُمۡ أَوۡ إِخۡوَٰنَهُمۡ أَوۡ عَشِيرَتَهُمۡۚ
أُوْلَٰٓئِكَ كَتَبَ فِي قُلُوبِهِمُ ٱلۡإِيمَٰنَ وَأَيَّدَهُم
بِرُوحٖ مِّنۡهُۖ وَيُدۡخِلُهُمۡ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن
تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَاۚ رَضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ
وَرَضُواْ عَنۡهُۚ أُوْلَٰٓئِكَ حِزۡبُ ٱللَّهِۚ أَلَآ إِنَّ حِزۡبَ
ٱللَّهِ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٢٢

**22. Нужеда цониги къавм батизе гьечIо, я гьал гIадамал, жидеца Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман лъурал, гьеб иман лъейгун цадахъ жидеца Аллагьасдаги ﷻ гьесул расуласдаги тущманлъи ккурал гIадамаздехун Рокьа-хинлъи гьабулел гьал Аллагьасде ﷻ тушманлъи ккурал гIадамал гьезул умумул рукIаниги, лъимал рукIаниги, вацал рукIаниги, яги цогидаб г1агарлъи-тухумалъул гIадамал рукIаниги.**

Цо рекIелъ иманалъул нурги куфруялъул бецIлъиги данделъуларебгIадин, гьеб рекIелъ Аллагь ﷻ вокьиги гьев Аллагьасул ﷻ тущман вокьиги данделъуларо. Цо чи вокьараб мехалъ гьев чи вокьарав вокьулеб ва гьев чи рихарав рихунеб гIадат буго.

**Жидер рекIелъ цохIо Аллагьги ﷻ гьесул расулги вокьи бугел муъминзаби руго Аллагьас ﷻ жидер рекIелъ иман лъурал ва гьеб къадар гьабурал, жинца гьезие квербакъиги гьабурал, жиндир рахъалъан бугеб квербакъиялъ. Ахираталда Аллагьас ﷻ гьел муъминзаби лъугьине гьарула жинда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахазукье, даимго жал гьенир рукIунеллъун.**

**Гьел муъминзаби руго жидедаса Аллагь разилъарал ва Аллагьас ﷻ жидер лъикIаб гIамал къабул гьабурал. Аллагьасдаса ﷻ гьелги цIакъ рази рукIуна.** Дунялалъул рукъоб Аллагьасе ﷻ гIоло гьез гIагарал гIадамазулги цогидал гIадамазулги къврилъи баччун букIиндал, Аллагьасе ﷻ гIоло жидер ццимги бахъун букIиндал, ахираталда Аллагьас ﷻ гьезие жив разилъи ризкъилъун гьабуна. **Гьаб къукъа буго Аллагьасул ﷻ къукъа,** Аллагьас ﷻ тIаса рищарал ва гьесие рокьулел гIадамал. **Нуж кантIе, я гьал гIадамал, хIакълъунго гьаб Аллагьасул ﷻ къукъа буго жидер дунялалдаги ахираталдаги лъикIлъиялда кверщел батарал ва жидер бахьи буголъарал гIадамал.**

Гьаб аяталда жаниб мухIканаб баян буго дунялалъул рукъоб гIадамазул кIиго къукъа букIиналъе: цо къукъа буго щайтIаналъул нухда бугеб, гьелъ гуккараб ва гьеб рази гьабун хьвадулеб. Цоги къукъа буго Аллагьасулги ﷻ гьесул расуласулги нухалда бугеб, жидер мурадги Аллагь ﷻ разилъи бугеб ва жидеца гьев Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъун гьесие тIагIат гIибадатги гьабулел.

Капрузабазул партияби ругин, бусурбабазулги партия букIине кколинги абун, гьеб партия букIине бегьиялъе цо цIаларал гIадамаз фатваги кьун, жинда чанго батIияб цIарги лъун бусурбабилъун ругел гIадамаз партияби гIуцIана. Гьеб партиялъ Исламалъе квербакъизе буго абун партия гIуцIулелги кIалъала. Гьелъул ахираб хIасил хал гьабураб мехалъ гьеб батула дунялалъул тIалъиялде нух бачунеб сиясат (политика). Бусурбаби кинал рукIине кколел ва гьез щиб жо гьабизе кколеб тIадегIанав Аллагьас цохIо гьаб аяталда жаниб бицун буго. Гьаб аяталъ малъухъе хьвадулел муъминзаби руго Аллагьасул ﷻ къукъа. Гьел гурел киналго къукъаби ва партияби щиб цIар гьезда лъуниги щайтIаниял къукъаби руго.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун Суратул Мужадалаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 59. Суратул Х1ашр

سُورَةُ الحَشْرِ

*Мадинаялда жиб рещтIине гьабураб, жинада жаниб къоло ункъго аят бугеб.*

*Гьаб суратги исламияб шаригIаталъул хIукмаби баян гьариялъе кIвар кьолеб буго. Гьалъул аслияб бахIсги бануназир абулеб ягьудиязул къавмалда гъазават гьабиялъул бицунеб буго.*

*Гьел рукIана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къотIи гьабун рукIарал гьесде данде рагъиларо ва гьесде данде рагъулезе квербакъиги гьабиларо абун. Ягьудияз гьеб къотIи хвезабидал гьел Мадинаялдаса къватIире къотIана. Цогиги гъазаватазул ва гьеб гъазаваталда щвараб файъ ва гъанимат (давла) кин бикьулебали бицун буго гьаб сураталда жаниб. Мунапикъазул хабарги бицун буго. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гьаб махлукъалда жанир ругел гIаламатазул бицен гьабун буго. Хириял асхIабзабазе рецц гьабун буго, мугьажиразе ва ансаразе бугеб хиралъи-тIокIлъиги бицун буго.*

*Гьал хириял асхIабзабазул гIаксалда ругел мунапикъзабазул хIалги баян гьабун буго, ягьудиялгун цадахъ рекъон бусурбабазе зарал гьабизе жал ургъулел. Сураталъул ахиралда тIадегIанав Аллагьасул берцинал цIарал ва гьесул тIадегIанал сипатал рицун руго.*

**Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.**

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

سَبَّحَ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۖ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿١﴾

**1. ТIадегIанав Аллагьасе тасбихI гьабун, гьев вацIцIад гьавун, гьесие рецц гьабун хьвадула зобалаздаги, ракьалда тIадги, жанибги бугеб кинабго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ махлукъ.**

ГIадамал, женал, малаикзаби, хIайванал, гъветI-хер, гьецIо-цIул – гьаб кинабго тIадегIанав Аллагьасе жиб хIелараб ва мутIигIаб буго, гьесул кIодолъи ва къадру лъан гьесие тасбихI сужда гьабулебги буго. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал капурзабаца гьеб тасбихI-сужда гьабичIого абун тIадегIанав Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щибго мукъсанлъи гьечIо. Гьезул гIамалалъул жазаъ гьезие гьабизе буго. **Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир ханлъиялъулъ гуч бугев,** жиндаса щивго чи бергьунарев.

**Жинца гьабулеб хIукмуялъулъ хIакимияв.** ГIадло битIарав вуго. Цо маслахIат гьечIеб хIукму жинца гьабуларев вуго.

هُوَ ٱلَّذِيٓ أَخۡرَجَ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنۡ أَهۡلِ ٱلۡكِتَٰبِ
مِن دِيَٰرِهِمۡ لِأَوَّلِ ٱلۡحَشۡرِۚ مَا ظَنَنتُمۡ أَن يَخۡرُجُواْۖ
وَظَنُّوٓاْ أَنَّهُم مَّانِعَتُهُمۡ حُصُونُهُم مِّنَ ٱللَّهِ
فَأَتَىٰهُمُ ٱللَّهُ مِنۡ حَيۡثُ لَمۡ يَحۡتَسِبُواْۖ وَقَذَفَ
فِي قُلُوبِهِمُ ٱلرُّعۡبَۚ يُخۡرِبُونَ بُيُوتَهُم بِأَيۡدِيهِمۡ
وَأَيۡدِي ٱلۡمُؤۡمِنِينَ فَٱعۡتَبِرُواْ يَٰٓأُوْلِي ٱلۡأَبۡصَٰرِ ٢

2. **Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав ва жинца нужее квербакъи гьабулев: Жинца китабиязул капурзаби къватIире рахъине гьарурав жидерго росабалъан, гьездаса т1оцебе бай бихьи гьабун.** Гьел китабиял капурзаби г1арабазул жазираялдасан къват1ир къот1изе. Гьел руго Мадинаялда рукIарал ягьудиязул бануназириял абулеб къукъа.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялде вачIараб мехалъ гьел ягьудиял тун рукIана маслахIат гьабун: гьезие къварилъи гьабичIого букIине, гьез бусурбабазеги щибго къварилъи гьабичIого букIине. Бусурбаби Бадроялъул рагъулъ бергьараб мехалъ гьел ягьудияз абулеб букIана: «Гьав МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вуго Тавраталда жиндир бицен гьабурав ва гьесул байрахъ щибго жоялъ нахъе чIвазе гьечIо» – абун. УхIудалда бусурбаби къараб мехалъ гьел ягьудияз къотIи биххизе гьабуна ва гьезул цевехъан КагIбу ибну Ашраф абулев чи кIикъого чода рекIаравги вачун Маккаялде ана Абусуфяние къотIи гьабизе, гьевгун цадахъ аварагасда ﷺ рагъ гьабила абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагас гьев КагIбо ибну Ашрафил рахьдал вац МухIаммад ибну Масламат абулев асхIабги витIун гьев КагIбо ибну Ашраф чIвана. Хадуб асхIабзабазул къукъабиги рачун гьезул щула гьабураб хъала сверун ккуна ва гьел мукIур гьаруна Мадинаялдаса къватIире ине. Цинги гьезул гIемерисел Шамалъул ракьалде ана, цо къукъа Хайбаралдеги ана.

**Нужеда ракIалде кколеб букIинчIо, я гьал муъминзаби, гьел къватIире рахъина абун:** гьезул къуват-гучги букIиндал, щулияб хъалаги букIиндал. **Гьездаги ракIалде ккун букIана жал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азабалдаса цIунизе руго жидер щулиял сангараз ва сияз абун. Цинги гьезухъе Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб бачIана жидеда ракIалдего кколеб букIинчIеб рахъалдасан.** Гьезул росу сверун ккуна асхIабзабаца. Гьезие кумек гьабизе къотIи гьабун букIарал мунапикъзабиги гьезда тIаде риччачIо. **Цинги гьел бануназириязул рекIелъе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гучаб хIинкъиги рехана.** Гьел жидерго къуваталда божичIо, гьезул хIалхьи ва рахIат хвана, ва гьел жидее

маслахIат гьабе абун гьаризе лъугьана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие изну кьуна щивав чияс цо вараниялъ баччараб къайи-матахIги босун Мадинаялдаса къватIире ине. Гьел къватIире ана цIакъ инжитлъун ва гIодорегIанлъун. Гьеб хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «**Жидерго кверацa ва муъминзабазул квераз гьезул минабиги риххизе гьарун къватIире ана гьел. Нужеца пикру гьабе ва гьаб хабаралдаса вагIза босе, я гIакълудал бетIергьаби!**» Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бокьараб мехалъ жиндир расуласе ва муъминзабазе квербакъи гьабизе, гьесул амру ва хIукму нахъе чIвазе кIолеб цоги хIукму букIунаро.

وَلَوْلَآ أَن كَتَبَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمُ ٱلْجَلَآءَ لَعَذَّبَهُمْ فِى ٱلدُّنْيَا ۖ وَلَهُمْ فِى ٱلْءَاخِرَةِ عَذَابُ ٱلنَّارِ ﴿٣﴾

3. **Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **хIукму букIинчIебани гьел ягьудиял Мадинаялдаса къватIире къотIун тезе гьабураб, гьезие Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **дунялалдаго цIакъ гучаб гIазаб гьабилаан. Амма ахираталдаги гьезие жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ شَآقُّوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ ۖ وَمَن يُشَآقِّ ٱللَّهَ فَإِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٤﴾

4. **Гьаб гIазаб бануназириязе гьабуна х1акълъунго гьез Аллагьасдехун** جَلَّجَلَالُهُ **ва гьесул расуласдехун тущманлъи гьаби сабаблъун. Гьев Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **данде тущманлъи гьабун щив чи вахъаниги хIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гIазаб ва гIакъуба гучав вуго ва гьес жинда данде вахъарав чи гьалаг гьавула.**

مَا قَطَعْتُم مِّن لِّينَةٍ أَوْ تَرَكْتُمُوهَا قَآئِمَةً عَلَىٰٓ أُصُولِهَا فَبِإِذْنِ ٱللَّهِ وَلِيُخْزِىَ ٱلْفَٰسِقِينَ ﴿٥﴾

5. **Нужеца чамастакил гъутIби къотIаниги, я гьал муъминзаби, яги къотIичIого таниги гьеб нужее Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **изну бугеб жо буго ва гьев разилъун бугебги буго. Гьел пасикъал ягьудиял гIодорегIан гьаризе, гьезул ццим бахъине гьабизе ва ракIбакъвазабизе бугеб х1укму буго гьаб.**

Бищунго гьезул ракIгъолеб ва гьезие бокьулеб чамастакил ах жидер тущбабаз къотIун гIодобе балеб бихьараб мехалъ гьезул чара хвейги, пащманлъиги, хIасратлъиги кIудияб букIинарищха?

Чамастакил гъутIби ругониги, цогидаб ах-хур бугониги, хIайванал ругониги гIадада хвезаризе бегьуларо жинда жаниб цо маслахIат гьечIого ва гьел хвезари Исламияб шаргIалда жиб гьукъараб иш буго. Амма рагъул заманаялъ имамасда маслахIат бихьани гьаб шаргIалда какараб иш гьабизе, гьесул ихтияр букIуна гьеб гьабе абун амру гьабизе. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бануназириял сверун

ккун ругеб мехалъ гьел хIинкъизе гьаризе, гьезул ццим бахъине гьабизе гьезул ах ва гьезул росдал сангаралдаса къватIиб бугеб мина биххизе гьабизе изну кьун букIана. Сангаралда жаниса бануназирал ахIдана: «Я МухIаммад! Гьаб дуца гьабулеб пасалъи щиб? Дуцаго абулеб букIана гурищ гьеб пасалъи гьабизе бегьуларо абун?» Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб цебе араб аят рещтIине гьабуна.

وَمَآ أَفَآءَ ٱللَّهُ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ مِنْهُمْ فَمَآ أَوْجَفْتُمْ عَلَيْهِ مِنْ خَيْلٍ وَلَا رِكَابٍ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يُسَلِّطُ رُسُلَهُۥ عَلَىٰ مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٦﴾

**6. ТIадегIанав Аллагьас гьал банузириязул магIишат ва боцIи-мал жиндир расуласе файълъун (давла) кьун буго ва нужеца гьеб давла щвезе абун чуяздаги варанабаздаги гIакъуба бихьизе гьабичIо.** Нуж рагъун нужеда кIудияб къварилъи ва захIмалъиги щвечIо.

**Кинниги ТIадегIанав Алагьас жиндир расул тIаде виччала жиндие бокьараб къавмалда ва гьесие бергьенлъиги кьола.** Гьеб капураб къавмалъул рекIелъе хIинкъи рехун, гьел риххизе ва лъутизе гьарула. Гьабги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб мугIжизат букIана. Гьес абулеб букIана: *«Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *дие квербакъи гьабун буго дидаса моцIрол нухалъ рикIкIад ругелги капурзаби хIинкъулеллъун гьарун»* – абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

**ХIакълъунго Аллагь жиндие бокьараб щинаб жо жиндие бокьухъе гьабизе хIалкIолев вуго.** Гьесул амруялде данде чIолеб щибго жоги букIунаро.

مَّآ أَفَآءَ ٱللَّهُ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ مِنْ أَهْلِ ٱلْقُرَىٰ فَلِلَّهِ وَلِلرَّسُولِ وَلِذِى ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ وَٱبْنِ ٱلسَّبِيلِ كَىْ لَا يَكُونَ دُولَةًۢ بَيْنَ ٱلْأَغْنِيَآءِ مِنكُمْ ۚ وَمَآ ءَاتَىٰكُمُ ٱلرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَىٰكُمْ عَنْهُ فَٱنتَهُوا۟ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٧﴾

**7. Гьадин рагъги гьабичIого капурал къавмаздаса Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир расуласе кьураб файъ (гъанимат) буго Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ихтияралда бугеб.** Гьес амру гьабула гьеб лъие кьезе кколеб абун. **Хадуб гьесул расуласеги буго.**

Аварагас ﷺ гьелдасан щвараб бутIа гьесул хъизан-агьлуялъул хIажатазе ва киналго бусурбабазул гIаммал хIажатазе харж гьабула. **Хадуб аварагасул** ﷺ **гIагарал гIадамазеги кьола.** Гьел руго Гьашимилги ГIабдулмутIалибилги лъимал ва гьезул наслу. Гьезие паризаяб закаталдаса бутIа букIунаро ва суннатаб садакъаялдасаги жидецаго жалго цIунарал рукIуна (гьеб къабул гьабизе бокьуларел рукIуна). **Эмен хварал бесдал лъималазеги буго гьеб фаяъалъул**

**бутIа, мискин-пакъирал гIадамазеги, сапаралда ругел, жидер хIажалъи бугел гIадамазеги букIуна гьелъул бутIа. Гьаб рехсараб хIалалда файъ бикьула жагьилаб заманалъул гIадаталда рекъон гьеб бечедал гIадамаца жидедаго гьоркьоб бикьичIого букIине** ва пакъирзабиги гьелдаса бутIа щвечIого хутIичIого рукIине. Гьаб банунazиразул файъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас мугьажиразда гьоркьоб бикьана, гьел пакъирал рукIун ва гьезул хIажалъиги цIикIкIараб букIун. Ансаразе гьелъул бутIа кьечIого тараб мехалъ гьезул цо-цо гIадамаз абуна нижееги букIине ккола гурищ гьаб фаяъалъул бутIа абун. Гьезие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Аллагьасул ﷻ расулас кьураб жо нужеца босе, гьесул амруги тIубазе гьабе, гьес жиндаса нагью гьабураб жоги нужеца рикIкIад гьабун те. Нуж Аллагьасул ﷻ гIазабалдасаги хIинкъа ва гьесул амру-нагью хвезеги гьабуге. Х1акълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гIакъуба-гIазаб гучав вуго,** жинда хилиплъарал гIадамаздаса цщим босулевги вуго». Файъ абула рагъ гьабичIого капурзабадаса щвараб давлаялда. Гьаб аят фаяъалъул, боцIи-мал бикьиялъул бицун рещтIине гьабураб бугониги, гьалъул хIукму кинабго амру-нагьюялъулъ гIаммаб буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв авраагас хIарам гьабураб жо хIарам гьаби, гьес х1алал гьабураб хIалал гьаби, суннатаблъун гьабураб ва карагьатаблъун гьабураб жоги гьев аварагас ﷺ амру гьабураб хIалалъ гьабизе тIадаб буго бусурбабазда кинабго заманаялъ ва кинабго хIукмуялъулъ.

لِلْفُقَرَآءِ ٱلْمُهَٰجِرِينَ ٱلَّذِينَ أُخْرِجُوا۟ مِن دِيَٰرِهِمْ وَأَمْوَٰلِهِمْ يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِّنَ ٱللَّهِ وَرِضْوَٰنًا وَيَنصُرُونَ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥٓ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلصَّٰدِقُونَ ﴿٨﴾

**8. Гьеб фаяъалдаса бутIа кьезе бищунго мустахIикъал руго жидеца гьижра гьабун Мадинаялде рачIарал пакъирал асхIабзаби. Капурзабаца жидер мина-ватIанги, боцIи-малги тезе гьабун жал къватIире рахъине гьарурал.**

**Жидеца гьеб кинабго дунялалъул магIишат гъоркь тарал Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, ва ахираталда Аллагьасул ﷻ цIоб-рахIмат ва алжан щвезе бокьун жидеца Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги квербакъиги гьабулел.** Гьеб гьижра гьабиялдалъун жидер мурад букIарал Аллагьасул ﷻ дин тIадегIан гьаби ва гьеб дин ракьалда букIине гьабиялъе хирияв аварагасе ﷺ квербакъи гьабиги. **Гьал мугьажирал руго жидер иманалъулъ ритIухъал муъминзаби.** Гьал мугьажирал рукIана гIемер ракъун чара тIагIараб мехалъ жидер чехьалда тIад цузе гьабун гамачI (къоногиl) бухьун,

гьелдалъун жидер мугъ битIун чIезе гьабурал ва гьеб хIалалдаги Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расуласеги мутIигIлъи течIел, гьезул амрунагью тIубай гурони цоги мурад жидер букIинчIел.

Мугьажиразда рекъараб рецц гьезие гьабидал тIадеганав Аллагьас ансаразул сипаталги рицана ва жинца абуна:

**9. Жидеца Мадина ватIанлъун ккурал ва Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьижра гьабун вачIинелде цебего жидеца иманги лъун букIарал, жидехъе гьижра гьабун рачIарал муъминзабиги жидее рокьулел.** Гьел жидер вацаллъун гьарурал, гьезие жидер минаги магIишатги бикьарал.

وَٱلَّذِينَ تَبَوَّءُو ٱلدَّارَ وَٱلْإِيمَٰنَ مِن قَبْلِهِمْ
يُحِبُّونَ مَنْ هَاجَرَ إِلَيْهِمْ وَلَا يَجِدُونَ فِى
صُدُورِهِمْ حَاجَةً مِّمَّآ أُوتُوا۟ وَيُؤْثِرُونَ عَلَىٰٓ
أَنفُسِهِمْ وَلَوْ كَانَ بِهِمْ خَصَاصَةٌ ۚ وَمَن يُوقَ
شُحَّ نَفْسِهِۦ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ٩

**Гьел мугьажиразе файъ-гъаниматалдаса аварагас** ﷺ **бутIа кьураб мехальги жидер гьелда хьул лъоларел ва жидеца гьеб аварагасул** ﷺ **хIукму разилъун къабул гьабулел. Жалго цIакъ ракъун-къечон ругониги, жидеца диналъул вац тIаса вищун гьесие хIажатаб жоги кьолел.** Гьал сипатал жидер ругел ансарал руго Аллагь жидеда разилъарал ва жидер даража-макъам тIадегIанал муъминзаби. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **напсалъул бахиллъиялдаса цIунарал гIадамал руго жиндир лъикIлъиялда кверщел батарал ва жидер бахьи буголъарал гIадамал.**

Бахиллъи шаргIалда какарб жо буго. Къуръаналда жиб рехсараб «ٱلشُّحَّ» абулеб рагIи буго цIакъго бахилав, хъантIарав чиясул сипат: жиндир бер гIорцIуларев, чияда кодоб бугеб жоялдаги хьул лъун вукIунев.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисалда буго: *«Нуж цIуна гьаб квешаб бахиллъиялдаса (шухIалдаса). Гьеб буго нужеда цере рукIарал умматал жинца гьалаг гьарураб жо. Гьеб шухIалъ рачана гьел гIадамал цоцазул би гIодобе тIеялде ва чияр магIишат жидее хIалал гьабиялдеги»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жидеда Аллагь разилъаял ансаразул тIадегIанал ва берцинал сипатал рехсон хадуб гьаб квешаб бахиллъи бициналъулъ кIудияб хIикмат буго ва пасахIалъи буго: кIиго цIакъго батIияб жо цоцаде данде ккураб мехалъ рекIелъе бортулеб хIалалъ бичIчIуна гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи.

Жинда Аллагь разилъаяв Анасидасан х1адис бицана: *«Жинца жинда т1адаб закат кьолев чи ва гьоболасе хъулухъ гьабулев чи ва ракъикъеч бугеб мехалъ гIадамазе тIагIам кьолев чи жиндир напсалъул*

*бахиллъиялдаса цIунарав чи вуго»* – абун. Х1адс ибну Жаририца бицана.

Аллагьасул свлат салам лъеяв аврагасул хIадисазда жаниб буго: *«Нуж чидае зулму гьабиялдаса цIуне, гьеб зулму гьаби къиямасеб къоялъул бецIлъи буго». «Нуж бахиллъиядаса цIуне, гьеб бахиллъи жинца гьалаг гьарулеб жо буго".* Х1адис имам Ах1мадица бицана.*"Цо чиясул чорхолъ жигьадалъул хIурги жужухIалъул цIаги данделъуларо»* – абун. Х1адис имам Аннасаияс бицана.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса имам Бухарияс бицараб хIадисалда абулеб буго: *«Цо сордоялъ масжидалда богол как бан хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда аскIове цо чи вачIана ва гьес абуна жив цIакъ вакъун вугин, жиндие гьоболлъи гьабизе рес гьечIищ абун. Хирияв аварагас* ﷺ *жиндир руччабазухъе чи витIун гьезда гьикъана кинай чIужуялда аскIобдай гьав чиясе гьоболлъи гьабизе тIагIам бугеб абун. Цониги чIужуялда аскIоб гьеб батичIеб мехалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас асхIабзабазда абуна: «Къаси цо гьобол рукъове вачунев чи щив вугев нужеда гьоркьов абун. Жинда Аллагь разилъаяв абуТ1алх1ат ал-ансарияс абуна дица вачина, я расуллалагьи»-абун.*

*абуТ1алх1ат гьоболги вачун рукъове щведал гьесда жиндир чIужу ятана ахираб, дагьабго ханжуги лъелъе жубан гьелъул жидер гIисинал лъималазе карщ гьабулей. Гьоболги вачун рос вачIиндал гьелъ карщ белъин халат бахъине гьабуна ва лъимал кваначIого кьижизе гьаризе хIилла ургьана. Цинги лъимал кьижараб мехалъ абуТ1алх1атица чIужуялда ишара гьабун гьоболасда цебе карщ лъуна ва гьев кIиявго кваназе абун гIодор чIаралго чирахъ свине гьабуна. Гьоболгун цадахъ кваналеб ххвел гьабун, гьесие берцинаб хабар бицун, квеналда квер хъатIичIого абуТ1алх1атги чIана.*

*Рогьалил как базе гьел масжидалде рачIараб мехалъ гьезда Аллагьасул свалат салам лъеяв авраг цIакъ разилъун, вохун ватана ва гьес абуна: "Валлагьи ТIадегIанав Аллагьги, зобалазда ругел малаикзабиги гIажаиблъун хутIана къаси гьав абуТ1алх1атица ва гьасул чIужуялъ гьабураб ишалда"* – абун.

Цинги жинда Аллагьасул салам лъеяв Жабраил малаик рещтIана гьаб аятги босун (9 аят). "Асбабу-нузуль" абулеб тIехьалда гьав жинца гьоболлъи гьабурав чи Сабит ибну Къайс вукIана абун буго. Гьел киназдаго Аллагь разилъаги ва гьезул баракат ва шапагIат нилъееги насиб гьабеги. Гьаб аяталда жаниб бицараб "Цоги напс жидералдаса тIаса бищи"- абураб макъам буго цIакъ иман камилал муъминзабазул.

Хириял асхIабзабазул гьаб макъам букIин бицунел мисалал гIемерал руго.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну-ГIумаридаса бицараб хабаралъулъ буго: «Алагьасул свалат салам лъеяв аварагасул цо асхIабасе чахъдал бетIер сайгъат гьабун бачIана. Гьев асхIабас дидасаги хIажатав вуго абун гьеб бетIер цоги асхIабасухъе босун битIана. Дов асхIабасги цогидасухъе битIун анкьго батIияб хъизаналъухъеги щун гьеб бетIер довго асхIабасул рукъобе битIун бачIана»-абун.

Ярмукалъул гъазаваталда рукIадго лъукъарал гIадамазда гьоркьов вугев вац цIехон, гьесие гьекъезе лъим босун жиндир вац вачIараб мехалъ гьес ишара гьабуна дов цогидав лъукъарасе кье гьеб лъим абун. Досие лъим кьезе гьев индал, досги лъабабилев лъукъарасе кье абун ишара гьабуна. Гьесда аскIове кьезе ун, гьесда гьеб гьекъезе гьабизе абун лъугьиндал дов чиги хун лъим гьасда кодобго хутIана. Гьеб лъимги босун жив тIадвуссун вачIинелде дов цогидалав лъукъаравги, цинги жиндир вацги хун ватана. Гьал хириял асхIабзабазул макъам нилъее кисан щвелеб?!

Балх абулеб ракьалъул цо муъминав гIолохъанчияс Абуязид абулев кIудияв загьидасда (дунял тIалаб гьабуларев чи) гьикъана: «Нужеда аскIоб зугьд абулеб жо кин букIунеб абун» (ай дунял тIалаб гьабунгутIи кин букIунеб). Абуязидица абуна: «Нижее дунялалъул ризкъи щвараб мехалъ нижеца гьелда данде Аллагьасе ﷻ щукру гьабула. Гьеб ризкъи гьечIого хутIараб мехалъ нижеца сабруги гьабула» – абун. Г1олоханчияс абуна: «Гьеб гIамал нижер балх ракьалъул гьабзазулги буго. Нижер зугьд буго: дунялалъул ризкъи гьечIого хутIараб мехалъ нижеца Аллагьасе ﷻ щукру гьабула, гьеб ризкъи нижехъе щвараб мехалъ нижеца гьеб цогидазе кьола» – абун.

Нужеца пикру гьабеха, я бусурбаби, нилъ кире щун ругел ва нилъер гIамал щиб бугеб? Дунялалъул боц1и щвараб мехалъ гьелдаса рохулел руго, гьеб дагьабго камураб мехалъ зигардулелги руго. КъватIул гьвеялъул мисалцин босизе нилъеда кIолеб гьечIо: жиндие бетIергьанчияс чури тIезегIан сабру гьабун букIунеб, гьеб чури тIезе бетIергьанчи вачIараб мехалъ азарго батIияб гIамал гьабун гьесдаса жиб разилъиги загьир гьабулеб!

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Садакъаялъул бищунго лъикIаб буго живго хIажатавлъун вугев чияс гьабураб садакъа»* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Жакъа гьал гIадамал муъминзабазда гьоркьор ратизе бегьула. жинца

диналъул вацц т1асса вищун, гьесул х1ажат т1убалев, ва живго мискинав вугониги жинца садакъаде боцIи кьолев. Амма бечелъун гъанкъулел ругел гIадамаз мискин-пакъирасеги, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIологи садакъа гьаби цIакъго дагьлъун буго. ГIадамазе рихьдае гIоло садакъа гьабуниги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе квербакъизе бокьун, гьаб ракьалда тIад исламияб дин бергьине бокьун жинца садакъа гьабулев чи цIакъго надирав вуго.

ТIадегIанав Аллагьас мугьажиразулги, ансаразулги сипатал рициндал, гьезда хадур рукIунел лъикIал муъминзабазулги сипатал рицана ва жинца абуна:

**10. Гьаздаса хадур рачIарал муъминзабаца абизе буго: "Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижер мунагьал рахче ва нижедаса цере рукIарал муъминзабазулги мунагьал рахче.**

وَالَّذِينَ جَاءُو مِنْ بَعْدِهِمْ يَقُولُونَ رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيمٌ ﴿١٠﴾

Хирияв авараггун صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ цадахъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе жидеца квербакъи гьабурал асх1абзаби руго гьел. **Дуца нижер рекIелъе жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъурал гIадамаздехун ццим бахьин ва х1асад ва хIалхьублъи гьабуге. Х1акълъунго Мун вуго, нижер БетIергьан, мун цIакъ гурхIулев ва дуца мунагьал рахчулев.** Дуца нижер дугIаялъе жаваб гьабе ва нижеда гурхIа» – абун.

Гьаб аяталдаса хIужа-далилги босун гIемерисел гIалимзабаца капуралльун гьаруна "Рафизиял" (ай шиг1итал) абулел гIадамал. Гьел руго жидеца хириял асхIабзабазда гIайиб гIунтIизе гьабулел, гьезда рогьоб балел гьезие наг1ана кьолел гIадамал. АшшагIби абулев гIалимас абуна: Гьал рафизиял ягьудияздасаги насранияздасаги квешал руго. Ягьудиязда гьикъидал нужер диналъул бищун лъикIал гIадамал щал ругел абун гьез абуна Муса аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ асхIабзаби руго абун. Насранияздa гьебго жо гьикъидал гьезги абуна ГIиса аварагасул عَلَيْهِٱلسَّلَامُ асхIабзаби руго абун. Рафизиязда гьикъидал нужер диналъул бищун квешал чагIи щал ругел абун, гьез абуна МухIаммадил асхIабзаби руго абун.. гьезда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ амру гьабун буго хирияl асхIабзабазе лъикIаб дугIа гьабе абун, гьез асхIабзабазде рогьоб балеб буго. Гьезда тIад хвалчен букIине буго Къиямасеб къо щвезегIан" – абун. Гьал хирияl асхIабзабазего гIадин муъминзабаца кидаго цоцазе лъиккIаб дугIа гьабизе ккола ва

цоцадехун хIалхъублъи, хIасадги гьабизе бегьуларо.

﴿أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ نَافَقُوا۟ يَقُولُونَ لِإِخْوَٰنِهِمُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ لَئِنْ أُخْرِجْتُمْ لَنَخْرُجَنَّ مَعَكُمْ وَلَا نُطِيعُ فِيكُمْ أَحَدًا أَبَدًا وَإِن قُوتِلْتُمْ لَنَنصُرَنَّكُمْ وَٱللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّهُمْ لَكَٰذِبُونَ ١١﴾

**11. Дуда рихьуларищ ва дуца пикру гьабуларищ, МухIаммад, гьал мунапикъзабазул. Гьез абулеб буго китабияб агьлуялъул капурзабазда, жидер гьудулзабилъун ва гьалмагъзабилъун ругел: нуж гьаб Мадинаялдаса къватIире къотIани, нижги нужгун цадахъ къватIире рахъине руго. Нужеда МухIаммадица ва гьесул асх1абзабаца рагъ гьабулеб бугони нижеца нужее квербакъиги гьабизе буго.**

**Ниж цониги чиясе мутIигIлъизе гьечIо нужее зарал бугеб иш гьабизе абадиялъго»-абун. Х1акълъунго Аллагь вуго жинца нугIлъи гьабулев гьел г1адамал жидеца гьереси бицунел рукIиналъе.**

﴿لَئِنْ أُخْرِجُوا۟ لَا يَخْرُجُونَ مَعَهُمْ وَلَئِن قُوتِلُوا۟ لَا يَنصُرُونَهُمْ وَلَئِن نَّصَرُوهُمْ لَيُوَلُّنَّ ٱلْأَدْبَٰرَ ثُمَّ لَا يُنصَرُونَ ١٢﴾

**12. Гьел капурзабазул китабиял Мадинаялдаса къватIире къотIараб мехалъ мунапикъзаби гьелгун цадахъ къватIире рахъине гьечIо. Гьезда рагъ гьабулеб бугони жидеца гьезие квербакъиги гьабизе гьечIо. Нагагь квербакъи гьабизе абун лъугьаралги хIинкъун, лъутун ине руго.**

**Цинги гьел мунапикъзабазеги дол китабиязеги лъилго квербакъиги букIине гьечIо.** Гьез цоцазе квербакъи гьабизе гьечIо, Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ гьел инжит гьаризе руго.

﴿لَأَنتُمْ أَشَدُّ رَهْبَةً فِى صُدُورِهِم مِّنَ ٱللَّهِ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُونَ ١٣﴾

**13. БичасхIаги, я гьал муъминзаби, гьел мунапикъзаби нужедаса цIикIун хIинкъулел руго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ жал хинкъиялдасаги. Гьеб амру гьедин букIиналъе сабабги буго х1акълъунго гьел рукIин жидеда жо бичIчIунарел, жидер гIакълу гьечIел гIадамал.**

Гьезда лъалеб гьечIо ТIадегIанав Аллагьасул къуват ва гуч.

﴿لَا يُقَٰتِلُونَكُمْ جَمِيعًا إِلَّا فِى قُرًى مُّحَصَّنَةٍ أَوْ مِن وَرَآءِ جُدُرٍۭ بَأْسُهُم بَيْنَهُمْ شَدِيدٌ تَحْسَبُهُمْ جَمِيعًا وَقُلُوبُهُمْ شَتَّىٰ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَعْقِلُونَ ١٤﴾

**14. Гьезда кIоларо жал цолъун нужеде данде рагъ гьабизе рахъинеги, жидерго сиязда, хъулбузда жанир ва росдал сангаразда нахъа рукIун гурони. Гьезул жидедаго гьоркьобги къуватаб тущманлъи буго. Дуда гьел цолъун**

**руго абун кколеб букIуна, амма гьезул ракIал руго цоцаде пикру данде кколарел. Гьаб амру гьадин букIиналъеги сабаб буго х1акълъунго гьел рукIин жидеда жо бичIчIунарел, жидер гIакълу гьечIел гIадамал.**

Гьезул гIакълу кинха букIинеб жал рижарав ва жал хьихьулев БетIергьан Аллагь гьезда лъалев гьечIелъул.

**15. Гьезул мисал буго жидеда гIагардаго гьалаг гьарурал капурал къавмазул мисал.**

كَمَثَلِ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ قَرِيبٗاۖ ذَاقُواْ
وَبَالَ أَمۡرِهِمۡ وَلَهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ١٥

Бадроялда гьалаг гьарурал къурайшазулги, мадинаялдаса къватIире къотIарал бануназириязулги мисал буго гьезул: **жидеца жидер куфру-ширкалде данде гIазаб чIамурал. Гьезие ахираталдаги жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**16. ЩайтIаналъул мисалалда релълъунги буго гьезул мисал: гьеб щайтIаналъ инсанасда абула мун Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIасилъе ва дуца гьесда инкар кква абун. Гьев чияс Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккун хадуб щайтIаналъ абула: «Гьанже дун дудасан бацIадаб ва рикIкIадаб буго. Дун хIинкъулеб буго кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ »–абун.**

كَمَثَلِ ٱلشَّيۡطَٰنِ إِذۡ قَالَ لِلۡإِنسَٰنِ ٱكۡفُرۡ
فَلَمَّا كَفَرَ قَالَ إِنِّي بَرِيٓءٞ مِّنكَ إِنِّيٓ أَخَافُ
ٱللَّهَ رَبَّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ١٦

Гьересияб рагIи буго гьаб щайтIаналъул рагIи. Гьеб Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъулеб букIарабани гьесда гIасилъизе букIинчIо. Гьеб рагIи гьелъ абула жинца къосине гьавурав чиясул ракI бекизе гьабун ва гьев махсароде гьавун.

**17. Х1акълъунго гьал к1иязулго ахирги буго гьал к1иялго цадахъ жужахIалде жанире лъугьине гьари ва абадиялъго гьенир рукIинги. Гьаб буго жидеца куфру-ширкалдалъун ва мунапикълъиялдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамазе букIунеб жазаъ.**

فَكَانَ عَٰقِبَتَهُمَآ أَنَّهُمَا فِي ٱلنَّارِ خَٰلِدَيۡنِ فِيهَاۚ
وَذَٰلِكَ جَزَٰٓؤُاْ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٧

**18. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъа! Щибаб напсалъ пикруги гьабе жинца ахираталда батулеб щиб гIамалдай гьабун буго абун. Нуж Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъа, я гьал муъминзаби!**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَلۡتَنظُرۡ نَفۡسٞ
مَّا قَدَّمَتۡ لِغَدٖۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرُۢ
بِمَا تَعۡمَلُونَ ١٨

**Х1акълъунго Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гІамал.**

**19. Нуж рукІунге жидеда Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **кІочарал гІадамазда релълъун.** Гьев рехсоларел, гьесие тІагІат-гІибадат гьабуларел гІадамазда релълъун.

وَلَا تَكُونُوا۟ كَٱلَّذِينَ نَسُوا۟ ٱللَّهَ فَأَنسَىٰهُمْ أَنفُسَهُمْ ۚ أُو۟لَـٰٓئِكَ هُمُ ٱلْفَـٰسِقُونَ ﴿١٩﴾

**Гьезда Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жидерго напсал кІочене гьарун рукІуна. Гьел руго жал Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гІасилъарал, жал пасикъал гІадамал.**

**20. Гьал жужахІалъул агьлулъун ругел гІадамалги, алжаналъул агьлулъун ругел муъминзабиги цоцада релълъун рукІунаро жидер даража-макъамалъул рахъалъ.**

لَا يَسْتَوِىٓ أَصْحَـٰبُ ٱلنَّارِ وَأَصْحَـٰبُ ٱلْجَنَّةِ ۚ أَصْحَـٰبُ ٱلْجَنَّةِ هُمُ ٱلْفَآئِزُونَ ﴿٢٠﴾

**Алжаналъул агьлу буго жидер дунялалдаги ахираталдаги бахьи бугел гІадамал.**

**21. Гьаб хирияб Къуръан рорхатал мугІрузде тІаде рещтІине гьабун букІарабани,** гьел мугІрузе инсанасе гІадаб г1акълу-лъайги кьун букІарабани, **дуда гьел мугІрул рихьилаан, я гьав инсан, Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **хІинкъун ва гьесие хІелун рихъ-рихъун унел.** Гьединаб къуватаб асар жинца гьабулеб Къуръаналъ инсанасе щибго асар гьабунгутІи гІажаибаб жо гьечІищ? Гьаб Къуръаналда инкар ккун, гьелда божичІого цо гІадамал чІейги цІакъго гІажаибаб жо буго! **Гьадинал мисалал рачуна ТІадегІанав Аллагьас жиндир лагъзадерие гьез вагІза босизе ва гьел Аллагьасдаса** جَلَّجَلَالُهُ **хІинкъизе бокьун.**

لَوْ أَنزَلْنَا هَـٰذَا ٱلْقُرْءَانَ عَلَىٰ جَبَلٍ لَّرَأَيْتَهُۥ خَـٰشِعًا مُّتَصَدِّعًا مِّنْ خَشْيَةِ ٱللَّهِ ۚ وَتِلْكَ ٱلْأَمْثَـٰلُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢١﴾

**22. Ва гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жиндие лагълъи гьабизе тІадав БетІергьан, жив гурев цоги Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гьечІев. Жинда загьираб, аскІоб бугебги, балъгояб, рикІкІад бугебги жо лъалев. Гьев вуго жив гурхІулев, жиндир гурхІел-рахІму гІемерав ва даимав.**

هُوَ ٱللَّهُ ٱلَّذِى لَآ إِلَـٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ عَـٰلِمُ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَـٰدَةِ ۖ هُوَ ٱلرَّحْمَـٰنُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٢٢﴾

Дунялада жиндир рах1мат киназдаго щолев. Ахираталда жиндир рах1мат муъминзабазе хассав.

**23. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца нуж рижарав, нуж хьихьулев, жиндие**

هُوَ ٱللَّهُ ٱلَّذِى لَآ إِلَـٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْمَلِكُ

ٱلْقُدُّوسُ ٱلسَّلَٰمُ ٱلْمُؤْمِنُ ٱلْمُهَيْمِنُ ٱلْعَزِيزُ ٱلْجَبَّارُ ٱلْمُتَكَبِّرُ ۚ سُبْحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٢٣﴾

**лагълъи гьабизе хIакъав, жив гурев цоги жиндие лагълъи гьабизе бегьулеб щибго жо гьечIев. Кинабго махлукъалъул ханлъун ва БетIергьанлъун жив вугев. КинабгIаги жиндие мукъсанлъи бачIунеб сипаталдаса жив вацIцIадав. Жиндир зулму ва гIакъубаялдаса махлукъ саламатлъарав,** гьезие маслахIат бугеб гуреб жо жинца гьабуларев. **Жинца жиндир аварагзаби ритIухъ гьарулев** гьезие мугIжизатал кьун ва квербакъи гьабун. **Жинца кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьеб цIунулев, жиндир гуч бергьарав, жиндаса щибго жо бергьунарев. Жиндир къудрат ва бергьенлъи кинабго жоялда тIад бугев, жиндие бокьараб жо гьабулев. Кинабго кIодолъиги ч1ух1иги жиндие бугев. Мушрикаца жиндехун ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел гьересиял г1ахьалчаг1аздасаги. Аллагь ﷻ вацIцIадав ва тIадегIанав вуго:** хъанчал ругониги, суратал, чурхдул ругониги аварагзаби عليهم السلام малаикзаби г1адамал ругониги ва цогидаб щиб махлукъ бугониги.

هُوَ ٱللَّهُ ٱلْخَٰلِقُ ٱلْبَارِئُ ٱلْمُصَوِّرُ ۖ لَهُ ٱلْأَسْمَآءُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ يُسَبِّحُ لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٢٤﴾

**24. Гьев Аллагь ﷻ вуго жив цогояв нужер БетIергьан! Жинца кинабго жо бижулев щибго мисал-сурат гьечеб бакIалдаса. Жиндие бокьараб жо батизе гьабулев, гьеб жиндир махлукъалъул жиндие бокьараб сипат-суратги жинца гьабулев. Гьев Аллагьасе ﷻ руго жал берцинал, жидер магIна гьваридал цIарал. Гьев Аллагьасе ﷻ тасбихI гьабулеб, гьев кIодо гьавулеб ва гьесие рецц гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ. Гьев Аллагь ﷻ вуго жиндир гуч бергьарав, жиндир пиша хIакимияв.** Жиндир хIукму къадаралъулъ гIадлу битIарав, жиндир махлукъалъе маслахIат бугеб хIукму гьабулев.

Инсанасда жиндир жагьиллъиялъ пуланаб амру жиндие квешаб буго абун кканиги, гьелъул хIасил ва ахир гьев инсанасе жинда жаниб лъикIлъи бугеб букIуна, гьев инсан Аллагьасда ﷻ божарав ва гьесие жинца гIибадат гьабулев вугони. Капурчиясе дунялалъул рукъоб бугеб квешлъиги ахираталъул рукъоб бугеб гIазабги цоцада хурхараб букIуна. Гьесие дунялалъул рукъоб лъикIлъи бугин ккараб жоги ахираталда гьесие гIазаб гьабиялъе сабаблъун букIуна.

Аллагьасул ﷻ тавфикъалдалъун Суратул ХIашралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги тIадегIанав Аллагьасе буго.

# 60. Суратул МумтахIинат

سُورَةُ المُمْتَحَنَة

*Гьаб хирияб суратги жинца шаргIиял ахIкамал рицунеб буго. Аслияб бахIс буго муъминзабазул цоцадехун букIунеб хIал бицин: Аллагьасе ﷻ гIоло цоцазе рокьиги ва Аллагьасе ﷻ гIоло гьесул тущбаби рихинги буго муъминзабазул сипат. Абу-БалтагIат абулев асхIабас Маккаялъул агьлуялъухъе аварагас ﷺ гьезда гъазават гьабизе хIадурулев вуго абун кагъат битIин сабаблъун гьесда гIайибги чIвалеб буго. Мушриказдехун рокьа-хинлъи гьабизе бегьунгутIиялъул бицуneb буго. Бусурбабазда данде рагъ гьабичIел гIадамазе бугеб хIукму баян гьабун буго.*

*Гьижра гьабизе абун ругел муъминал руччабазул хIалбихьи гьабизе ккейги бицун буго: гьез аварагасе ﷺ байгIат гьабиялъул, Къиямасеб къоялъ дунялалда рукIарал гьудулзабазги гIагарал гIадамазги цоцазе щибго кумек гьабулареблъиялъул баян буго. Ибрагьим аварагасулги عَلَيْهِ السَّلَام, гьесда иман лъурал муъминзабазулги хабар бицун буго: Аллагьасда ﷻ иман лъечIеб къавмалдасан гьел кин ратIалъараб бицун, цогидал муъминзабазе гьев Ибрагьим ва гьел муъминзаби жидеда нахърилълъиналъе мисаллъун рукIине. Сураталъул ахиралдаги муъминзаби цIунулел руго капурзабазда ва мушриказда рокьа-хинлъи ва гьудуллъи гьабиялдаса.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Дирги нужерги тущбаби гьудулзабилъун, вализабилъун ккоге! Гьезухъе аварагасул балъголъаби кьоге, гьезулгун гьоркьолъи гьабун. Гьел нужехъе бачIараб хIакъаб жоялда инкар ккун чIун руго:** хирияв расуласдаги ﷺ, гьесде рещтIине гьабураб Къуръаналдаги, гьелда жанир ругел шаргIиял ахIкамаздаги, ахираталъул хабаралдаги гьез инкар ккун буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَّخِذُواْ عَدُوِّي وَعَدُوَّكُمْ أَوْلِيَآءَ تُلْقُونَ إِلَيْهِم بِٱلْمَوَدَّةِ وَقَدْ كَفَرُواْ بِمَا جَآءَكُم مِّنَ ٱلْحَقِّ يُخْرِجُونَ ٱلرَّسُولَ وَإِيَّاكُمْ أَن تُؤْمِنُواْ بِٱللَّهِ رَبِّكُمْ إِن كُنتُمْ خَرَجْتُمْ جِهَٰدًا فِي سَبِيلِي وَٱبْتِغَآءَ مَرْضَاتِي تُسِرُّونَ إِلَيْهِم بِٱلْمَوَدَّةِ وَأَنَا۠ أَعْلَمُ بِمَآ أَخْفَيْتُمْ وَمَآ أَعْلَنتُمْ وَمَن يَفْعَلْهُ مِنكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ ٱلسَّبِيلِ ﴿١﴾

**Жидеца нужги ва хирияв Аллагьасул расулги ﷺ Маккаялдаса къватIире рахъине гьаруралги руго: нуж нужер**

**БетIергьан аллагьасда иман лъурал рукIин сабаблъун, цоги щибго гIилла-сабаб гьечIого. Дун разилъи т1алаб гьабун къватIире рахъарал ва Дир диналъе гIоло жигьад гьабулел гIадамал нуж ратани, нужеда гьаб хIукму лъай ва нужеца капурзабаздехун гьудуллъи гьабуге!**

**Нужеца рекIелъ бахчун буго гьездехун рокьа-хинлъи, бальгого гьезухъе хабарги битIулеб буго. Дун нужер кинабго хIал лъалев вуго ва Дир лъаялдаса щибго жо бахчун хутIуларо: нужеца загьирго гьабураб бугониги, бальго гьабулеб бугониги. Нужедаса Жинца капурзабаздехун рокьа-хинлъи гьабулев, гьезухъе муъминзабазул хабар щвезабулев чи битIараб нухалдаса къосарав чи вуго.**

إِن يَثْقَفُوكُمْ يَكُونُوا لَكُمْ أَعْدَاءً وَيَبْسُطُوا إِلَيْكُمْ أَيْدِيَهُمْ وَأَلْسِنَتَهُم بِالسُّوءِ وَوَدُّوا لَوْ تَكْفُرُونَ ﴿٢﴾

**2. Гьел капурзабазул нужеда тIад хIал бергьани ва нуж къезе гьаризе гьезда кIвани мунапикъаз загьир гьабизе буго жидер рекIелъ бугеб хIалхъублъи. Гьел нужее тущбабилъун рукIине руго, жидер квералги, мацIалги гьез нужее зарал гьабиялъе хIалтIизаризе руго ва гьезие бокьулеб жоги буго нуж капурзабилъун рукIин.**

Гьаб кIиго аят ва гьазда хадур ругел аятал рещтIине гьариялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасдаса Муслимица ва Бухарияс хIадис бицана жинда Аллагь разилъаяв ГIалиасхIабас абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дунги Зубайрги, Микъдадги ритIана Мадинаялдаса къватIире ва жинцаги абуна: «Нуж а «Равзату Хах» абулеб бакIалде щвезегIан. Гьений нужеда цо гIадан ятизе йиго жинда кодоб кагъат бугей. Гьелъухъан гьеб кагъатги босун нуж дихъе рачIа" – абун. Нилж гьеб бакIалде щвезегIан араб мехалъ нижеда гьений цо чIужугIадан ятана ва нижеца гьелда абуна: "Дуца къватIибе бахъе духъ бугеб кагъат" – абун. Гьелъ абуна дихъ кагъат гьечIо абун. Нижеца абуна: "Дуца гьеб кагъат кьечIони нижеца дуда тIаса ретIелги бахъун балагьизе буго гьеб" – абун. Цинги гьелъ жиндир гъалазда гьоркьоса бахъун нижехъе кагъат кьуна. Гьебги босун нилж аварагасухъе ﷺ рачIана жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв. Гьеб кагъат батана ХIатIиб ибну абу-БалтагIатица Маккаялъул агьлуялъухъе хъвараб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул цо хабар гьезда бицун. Аварагас ﷺ абуна: "Гьаб щиб хIалтIи, я ХIатIиб" – абун. ХIатIибица абуна: "Дуца дие къварилъи гьабуге, я расуллаллагьи! Дун вукIана Маккаялда вугеб мехалъ къурайшиялгун цадахъ вукIарав чи, гьезулгун дир гIагарлъи гьечIониги. Гьал мугьажиразулги Маккаялда гIагарал чагIи руголъидал, гьеб гIагарлъи*

*сабаблъун гьелги гьезул агьлу ва магIишат цIунулеб, дир гьединаб гIагарлъи гьечIелъул, дие бокьана Маккаялъул агьлуялъулгун хурхен гьабун, гьел дидехун лъикI рукIунеб иш гьабизе. Дица гьеб иш капурлъун гьабичIо, дун дир Исламияб диналдаса вуссунги гьечIо" – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: "Гьес битIараб жо бицана" абун. Цинги гьев Х1атIибил амруялъулъ гьаб суратги рещтIине гьабуна" – абун.*

*Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абидал: "Дун виччай гьев мунапикъасул габуралда хвалчен къабизе" – абун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: "Гьев вуго Бадроялда рагъулъ гIахьаллъарав асхIаб. Дуда щиб лъалеб, ГIумар, Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьеб Бадруялъул агьлуялда абун батизе бегьула гурищ: "Нужеего бокьараб гIамал гьабе, Дица нужер мунагьал чурарал руго" – абун". Гьаб рагIиялъ баян гьабулеб буго гьеб Бадруялда рукIарал асхIабзаби цIакъ жидер даража-макъам тIадегIанал рукIин.*

Гьеб заман букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Макка бахъизе ине хIадурлъулеб заман. Х1атIибица хъвараб кагъаталдаги абулеб букIана нужеца цIодорлъи гьабе, нужеда тIаде авараг вачIинехъин вуго абун. Гьев Х1атIибица гьабураб гIамал мекъаб букIин баян гьабун тIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

**3. Нужее щибго мунпагIат гьабизе гьечIо нужер гIагарал гIадамаз ва нужерго лъималазги. Гьеб къиямасеб къоялъ нуж цоцадаса ратIа гьаризе руго.**

لَن تَنفَعَكُمْ أَرْحَامُكُمْ وَلَا أَوْلَادُكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ
يَفْصِلُ بَيْنَكُمْ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٣﴾

Гьеб бугелъул капурзабиги муъминзабиги ратIа гьарулеб къо. **Х1акълъунго тIадегIанав Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев ва лъалев.** Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго Къиямасеб къоялъ щивав инсанасе.

**4. Х1акълъунго нужее цIакъ берцинаб мисал ва нахърилълъин буго Ибрагьим аварагасда** عَلَيْهِ السَّلَامُ **ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзабаздаги. Гьев Ибрагьимица ва муъминзабаца жидер къавмалда абуна жидеца ширк гьабулеб: "Х1акълъунго ниж рацIцIадал руго нужедаса ва нужеца Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **живго тун жидее лагълъи гьабулел аллагьзабадаса. Нижеца нужеда инкар кколеб буго: нуж нижгун цадахъ гьечIо**

قَدْ كَانَتْ لَكُمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِي إِبْرَاهِيمَ وَالَّذِينَ
مَعَهُ إِذْ قَالُوا لِقَوْمِهِمْ إِنَّا بُرَآءُ مِنكُمْ وَمِمَّا
تَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ كَفَرْنَا بِكُمْ وَبَدَا بَيْنَنَا
وَبَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةُ وَالْبَغْضَاءُ أَبَدًا حَتَّىٰ تُؤْمِنُوا
بِاللَّهِ وَحْدَهُ إِلَّا قَوْلَ إِبْرَاهِيمَ لِأَبِيهِ لَأَسْتَغْفِرَنَّ
لَكَ وَمَا أَمْلِكُ لَكَ مِنَ اللَّهِ مِن شَيْءٍ رَّبَّنَا
عَلَيْكَ تَوَكَّلْنَا وَإِلَيْكَ أَنَبْنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ ﴿٤﴾

**ва нижер г1агарал г1адамалги гьечIо. Жакъаялдаса нахъе нужедаги нижедаги гьоркьоб тущманлъи буго ва цоцаде ццим бахъинги буго.**

**Гьаб хIал кидаго букIине буго нужеца Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъезегIан: гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цо гьавун, гьесдехун щибго жо гIахьал гьабичIого" – абун. Ибрагьим аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **цо рагIиялда нахърилълъин гьечIо нужее.** Гьеб рагIи буго Ибрагьимица жиндир инсуда абураб: **"Дица Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ **дур мунагьал рахчи тIалаб гьабизе буго. Цоги дуе гьабизе ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб дида кIолеб щибго кумек гьечIо ".** Гьеб рагIи Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абун букIана жиндир эмен Азар иман лъоларев вукIин жинда лъалелде цебе. Т1адегIанав Аллагьас Ибрагьимида عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ капурзабазе лъикIаб дугIа гьабизе бегьуларо абун абидал Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ инсуе дугIа гьаби жибго тана.

Хадубги гьев Ибрагьим аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ва гьесда иман лъурал гIадамаз абулеб буго: **"Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуда буго нижеца тавакал тIамулеб, тавбу гьабун руссинги нижер дуде буго. Ахираталда кинабго халкъалъул руссунеб бакIги дуде буго** хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе"-абун.

رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَٱغْفِرْ لَنَا رَبَّنَآ ۖ إِنَّكَ أَنتَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٥﴾

5. **Я нижер БетIергьан! Дуца ниж капураб къавмалъе питналъун гьаруге!** Гьел нижедаса бергьине риччаге. Гьедин жал бергьараб мехалъ гьез абизе буго гьел муъминзаби ритIухъал рукIаралани гьел нижедаса къезе рукIинчIо абун. Цоги магIна гьабуна: «Гьел капурзаби нижеде тIаде риччан ниж диналдаса нахъе чIваге, гьеб дин гьабизе кIолареллъун гьаруге»-абун. **Дуца нижер мунагьалги чуре, я нижер БетIергьан! ХIакълъунго мун вуго Дур гуч бергьарав в Дур тадбиразулъ гIадлу битIарав хIаким.**

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ يَرْجُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلْيَوْمَ ٱلْءَاخِرَ ۚ وَمَن يَتَوَلَّ فَإِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْغَنِىُّ ٱلْحَمِيدُ ﴿٦﴾

6. **Х1акълъунго гьал муъминзабазда нахърилълъин лъикIаб ва берцинаб буго нужедаса жидее ахират бокьарал ва Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи бокьарал гIадамазе. Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеялдаса ва гьесие мутIигIлъиялдаса руссун чIарал гIадамазе гьелъул балагь ва къварилъи жидеего букIине буго.**

**ХIакълъунго Аллагь жив бечедав вуго, жиндир заталъулъ ва сипатазулъ жив веццарав вуго.** Махлукъалдаса жиндие щибго жо хIажатав гьечIо. Гьел киналго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъаниги, яги

гIасилъаниги, гьев Аллагьасе кинабгIаги асар букIунаро.

**7. ТIадегIанав Аллагьас нужедаги ва нужедехун тущманлъи бугел нужер гIагарал чагIи мушриказда гьоркьобги рокьа-хинлъи гьабизеги бегьула.**

﴿عَسَى ٱللَّهُ أَن يَجۡعَلَ بَيۡنَكُمۡ وَبَيۡنَ ٱلَّذِينَ عَادَيۡتُم مِّنۡهُم مَّوَدَّةٗۚ وَٱللَّهُ قَدِيرٞۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٧﴾

**Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьараб жо гьабизе хIалкIолев вуго, гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулевги вуго.** Гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рагIи ритIухълъана ва Макка бахъараб мехалъ киналго бусурбабиги капурзабиги цолъана ва гьел муъминзабилъун лъугьана.

**8. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж нахъе чIвалел гьечIо хурхен гьабиялдаса ва цо-цо лъикIлъи гьабиялдаса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло нужедехун рагъ гьабичIел ва тущманлъи гьабичIел гIадамаздаса. Нуж Маккаялдаса къватIире къотIизе жидеца яхIги бахъичIел:** руччаби, лъимал, загIипал гIадамал руго гьел. Нужеца гьел гIадамазе зарал бугеб жо гьабуге, гьезулгун гьабулеб хурхенги гIадилаб хIалалъ гьабе. **ХIакълъунго Аллагьасе рокьула жал ритIухъал гIадамал.**

﴿لَّا يَنۡهَىٰكُمُ ٱللَّهُ عَنِ ٱلَّذِينَ لَمۡ يُقَٰتِلُوكُمۡ فِي ٱلدِّينِ وَلَمۡ يُخۡرِجُوكُم مِّن دِيَٰرِكُمۡ أَن تَبَرُّوهُمۡ وَتُقۡسِطُوٓاْ إِلَيۡهِمۡۚ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلۡمُقۡسِطِينَ ٨﴾

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: гьаб аят рещтIине гьабуна ХузагIат кьибилалъул гIадамазул хIакъалъулъ. Гьел рукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе жидеца къотIи гьабурал гьесде данде рагъиларо абун ва бусурбабазде данде рагъизе цогидазе квербакъиги гьабиларо абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ изну кьуна гьезие лъикIлъи гьабизе ва гьездехун хурхен гьабизеги.

Жинда Аллагь разилъаяй Асмаъ бинту Абубакридасаги х1адис бицана: *"ХIудайбияталда аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ байгIат гьабун хадуй дихъе эбел ячIана, гьей жегиги иман лъечIейги йикIун. Дун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ана ва гьесда абуна: "Дихъе эбел ячIун йиго, гьей иман лъечIейги йиго. Дица гьелъие лъикIлъи гьабилищ?" – абун. Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ абуна: "Дуца эбелалъе лъикIлъи гьабе"* – абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аятги рещтIине гьабуна (8 абилеб).

**9. Х1акълъунго Аллагьас нуж нахъе чIвалел руго нужеца гьудуллъи гьабиялдаса Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло нужеда рагъ барал ва нуж нужерго ватIаналдаса къватIиреги**

﴿إِنَّمَا يَنۡهَىٰكُمُ ٱللَّهُ عَنِ ٱلَّذِينَ قَٰتَلُوكُمۡ فِي ٱلدِّينِ وَأَخۡرَجُوكُم مِّن دِيَٰرِكُمۡ وَظَٰهَرُواْ عَلَىٰٓ إِخۡرَاجِكُمۡ أَن تَوَلَّوۡهُمۡۚ وَمَن يَتَوَلَّهُمۡ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٩﴾

**рахъине гьарурал гIадамазулгун. Гьединго гьел мушриказе нуж Маккаялдаса къватIире къотIизе жидеца квербакъи гьабурал гIадамазулгун гьудуллъи гьабиялдасаги нахъе чIвалел руго нуж. Гьел гIадамал жидеца гьудулзабилъун кколел гIадамал руго жидеца жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا جَآءَكُمُ ٱلْمُؤْمِنَٰتُ مُهَٰجِرَٰتٍ
فَٱمْتَحِنُوهُنَّ ٱللَّهُ أَعْلَمُ بِإِيمَٰنِهِنَّ فَإِنْ عَلِمْتُمُوهُنَّ
مُؤْمِنَٰتٍ فَلَا تَرْجِعُوهُنَّ إِلَى ٱلْكُفَّارِ لَا هُنَّ حِلٌّ لَّهُمْ
وَلَا هُمْ يَحِلُّونَ لَهُنَّ وَءَاتُوهُم مَّآ أَنفَقُوا۟ وَلَا جُنَاحَ
عَلَيْكُمْ أَن تَنكِحُوهُنَّ إِذَآ ءَاتَيْتُمُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ
وَلَا تُمْسِكُوا۟ بِعِصَمِ ٱلْكَوَافِرِ وَسْـَٔلُوا۟ مَآ أَنفَقْتُمْ
وَلْيَسْـَٔلُوا۟ مَآ أَنفَقُوا۟ ذَٰلِكُمْ حُكْمُ ٱللَّهِ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ
وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٠﴾

**10. Я гьал муъминзаби! Нужехъе муъминал руччаби рачIараб мехалъ жидеца гьижра гьабун, гьезул хIалбихьи гьабе ва гьезул иман ритIухъаб бугодай абун лъазе гьабе. Гьез иман лъураблъи Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **лъала. Гьесда кинабго жоялъул хIакъикъатги лъала.** Муъминзабазда загьираб хIалалъ гьел руччабазул хIал лъазе ккани гьезул хIалбихьи гьабизе рекъараб буго.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана:

ХIудайбияталда гьабураб маслахIаталъул цо шартI букIана мушриказдаса цо чи иман лъун бусурбабазухъе вачIани, гьев чи гьез нахъе кьезе ккола мушриказухъе абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе гьижра гьабун ячIана Умукулсум бинту Г1укъбат абулей гIадан. Гьелда хадур гьелъул кIиго вац Г1умарат ва Валидги рачIана ва гьез тIалаб гьабуна жидер яц нахъе кьейин нилъеда гьоркьоб бугеб маслахIаталъул шарт1алдалъун абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: "Гьеб шартI бихьиназулъ букIана, руччабазулъ букIинчIо" – абун. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну Г1аббасицаги абуна: "Гьижра гьабун ячIарай чIужугIадамалда гьа гьедизе гьабулеб букIана гьей росасда ццим бахъун ячIарай гьечIин, дунялалъул щиб бугониги мурадалъе гIоло ячIарайги гьечIин. Жий цохIо Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расулги صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вокьун ячIарай йигин ва исламияб динги бокьун ячIарай йигин абун".

**Нужеда лъани гьел руччаби жидеца иман лъурал рукIин, гьел капурзабахъе тIадруссине гьаруге. Гьел иман лъурал руччаби капурзабазе хIалаллъуларо ва капурзаби гьел руччабазеги хIалаллъуларо. Гьел руччабазул капурал россал ратани, гьел россабаз гьал руччабазе магьариде кьун букIараб боцIи дозухъе нахъе буссине гьабе. Нужее мунагь-хIакъ гьечIо гьел руччаби нужеца рачани гьезие магьариде боцIиги кьун.** Гьел руччабаца иман лъураб мехалъ гьезул капурзабазулгун букIараб ригьин биххула. Гьез иман лъун хадуб гIидда тIубазегIан тун гьел руччаби бусурбабаз

рачине бегьула. **Нужер капурал руччаби ругони** (нужеца иман лъураб мехалъ руччаби ииман лъечIого чIун ругони) **гьел нужер руччаби гьечIо, нужеца гьел нужер руччабилъун рикIкIунге.**

**Нужер руччаби иман лъечIого чIун нужедаса нахъе ани, нужеца гьезие кьун букIараб магьари нахъе тIалаб гьабе. Капурзабацаги тIалаб гьабе абе жидеца кьун букIараб магьари гьезул руччаби иманги лъун бусурманав чиясе араб мехалъ. Гьаб буго нужее бугеб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **хIукму ва Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужеда гьоркьоб гIадилаб хIукмуги гьабулеб буго. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго гIадилаб, жиндилъ маслахIат бугеб хIукму жинца гьабулев ва лагъзадерие мунпагIат бугеб хIукму жинда лъалев.**

وَإِن فَاتَكُمْ شَيْءٌ مِّنْ أَزْوَٰجِكُمْ إِلَى ٱلْكُفَّارِ فَعَاقَبْتُمْ فَـَٔاتُوا۟ ٱلَّذِينَ ذَهَبَتْ أَزْوَٰجُهُم مِّثْلَ مَآ أَنفَقُوا۟ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ٱلَّذِىٓ أَنتُم بِهِۦ مُؤْمِنُونَ ﴿١١﴾

**11. Нужер цоязул руччаби муртадлъун капурзабахъе ани ва капурзабаца бусурманчияс гьелъие магьариялъе кьун букIараб жо тIад бусинабичIони ва нужее гъазаватги гьабун гьенисан гъанимат (давла) щун бугони, нужеца жиндир чIужу капурзабахъе арав чиясе гьес магьариде кьун букIараб боцIи кье.** Гъаниматалдаса гьев чиясе гьес кьун букIараб къадар, гьелда рельлъараб боцIи кье.

**Нужги хIинкъа нужеца жинда иман лъурав нужер БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса.** Гьесул амру-нагью тIубан, гьев разилъи талаб гьабун хьваде.

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِىُّ إِذَا جَآءَكَ ٱلْمُؤْمِنَـٰتُ يُبَايِعْنَكَ عَلَىٰٓ أَن لَّا يُشْرِكْنَ بِٱللَّهِ شَيْـًٔا وَلَا يَسْرِقْنَ وَلَا يَزْنِينَ وَلَا يَقْتُلْنَ أَوْلَـٰدَهُنَّ وَلَا يَأْتِينَ بِبُهْتَـٰنٍ يَفْتَرِينَهُۥ بَيْنَ أَيْدِيهِنَّ وَأَرْجُلِهِنَّ وَلَا يَعْصِينَكَ فِى مَعْرُوفٍ ۙ فَبَايِعْهُنَّ وَٱسْتَغْفِرْ لَهُنَّ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢﴾

**12. Я гьав Бичасул авараг! Духъе иманги лъун жидеца байгIат гьабизе абун руччаби рачIараб мехалъ жидеца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабиларо абун. Жидеца цIогьги гьабиларо абун, зинаги гьабиларо абун. Жидеца жидерго лъималги чIваларо абун. Жидеца гьереси бицун чияр лъимер дур буго абун росасдаги абиларо абун.**

Цо чIужу лъимер лъугьунарого йикIун, жий росас йиччала абун хIинкъараб мехалъ гьез чияр лъимерги бачун гьаб дица дуе гьабураб лъимер буго абун абулеб букIана жиндирго росасда. Гьеб иш гьабиларо абун байгIат гьабизе гьабулеб букIана руччабазда. **Дуда хIакъаб жоялъулъ жал гIассилъиларо абунги. Гьал шартIал гьез къабул гьарураб мехалъ дуца гьезие байгIат гьабе ва Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ

**гьаре гьезул мунагьал чуре абун. Х1акълъунго тIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**

**13. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца жидеда Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **ццим бахъарал гIадамал гьудулзабилъун ккоге.** Гьел нужер вализабилъун ва гIакълучагIилъун гьаруге.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَتَوَلَّوْاْ قَوْمًا غَضِبَ ٱللَّهُ عَلَيْهِمْ قَدْ يَئِسُواْ مِنَ ٱلْءَاخِرَةِ كَمَا يَئِسَ ٱلْكُفَّارُ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْقُبُورِ ۝١٣

Киналниги капурзаби ва мушрикал жидеда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ццим бахъарал руго. **Гьел руго жидер ахираталъул нигIматаздаса хьулкъотIарал гIадамал:** гьел божулел гьечIелъул ахират букIиналда ва гьениб алжанги жужахIги букIиналдаги. **Гьел капурзабазул хьулкъотIун бугеб гIадинго, жидер хварал гIадамал тIаде рахьине гьаризе руго абураб жоялдаса.** Гьелда божичIого, гьеб букIунеб жо гьечIо абун руго гьел капурзаби.

Абу ХIаян абулев гIалимас абуна: "Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Макка бахъараб мехалъ Сафа мегIералда аскIоб байгIат гьабуна исламияб диналде рачIарал бихьиназе. К1иабилеб къоялъ гьебго бакIалда байгIат гьабуна руччабазеги. Авараг ﷺ вугеб бакIалдаса дагьав довегIан жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асхIабги вукIана аварагасул ﷺ вакил хIисабалда жинца руччабазе байгIат гьабулев". Гьел руччаби къукъаби гьарун рачIунел рукIана ва гьезие Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аяталда жаниб (12 аят) рехсараб анлъго жоялдалъун байгIат гьабулеб букIана. Гьелда тIадеги "Дуда хIакъаб жоялъулъ жал гIасилъиларо" абураб рагIиялда цадахъ гьел руччабазе байгIат гьабулеб букIана жидер чи хвараб мехалъ жагьилияб гIадаталда рекъон магIу гьабиларо, гьумер хъарсун, ретIел бихъун, чIичIидун, гIасиял гIамалал гьариларо абунги. Жий чIужулъун ячине бегьулев чияр бихьинчиясда хабар бицинаро абунги. Росасе гьереси бицун, гьесул боцIи-мал гьесдаса балъго цогидазе кьун хиянат гьабиларо абунги.

Аллагьасул свлат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *"Дир умматалда жаниб ункъо жо буго жагьилияб гIадаталдаса, жидеца гьеб толебги гьечIо. Жиндирго насаб-тухумалдалъун чIухIи, чияр насабалда тунка-гIуси гьаби, ц1вабзаздалъун цIад баялъул хабар бицин, чи хвараб мехалъ гьаркьал гьарун, чIичIидун гIоди"* – абун. Х1адис абуЯг1лаца бицана.

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун Суратул МумтахIинаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 61. Сурату Ссаф

سُورَةُ الصَّفِّ

*Гьаб суратальул цIар тун буго Мухъальул сурат абун. Гьеб цIар теялъе сабабги буго гьалда жаниб аслияб хIалалъ Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе гIоло жигьад гьабиялъул бицун букIин. Жиндирго напсги, жиндие хирияб дунялалъул магIишатги Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *калима тIадегIан гьабун, гьесул дин ракьалда тIад букIиналъе гIоло бичиялъул бицунеб буго ва гьеб цIакъ хайир бугеб даран букIинги баян гьабун буго.*

*Жиндир авразабазеги, жиндие рокьарал муъминзабазеги квербакъи гьабулеб Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *гIадат букIинги баян гьабун, гьеб дин хвезабизе, Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *нур жидеца свине гьабизе ургъулел капурзабазул ахIмакълъи ва хIакъирлъиги баян гьабун буго. Муъминзаби Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *диналъе квербакъи гьабиялде ахIун Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасулги гьесда иман лъурал «АлхIавариюнал» абун жидеда цIар тарал жидер иманалъулъ ритIухъал гьесул асхIабзабазулги хабар бицун буго.*

*Гьаб сурат рещтIине гьабиялъе сабаб бицун имам АхIмадица жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну Саламидаса хIадис бицана: «АсхIабзаби цоцадехун кIалъалел рукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъизе бокьун бищунго лъикIаб гIамал щиб бугеб абун ва гьезул цонигиясда кIолеб букIинчIо аварагасда* صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ *аскIове ун гьеб гьикъизе. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьал асхIабзаби жинда аскIоре ахIана ва гьезие гьаб сурат цIалана жиб тIубазе гьабун» - абун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

سَبَّحَ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۖ وَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ١

**1. ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьавун ва гьев кIодо гьавун жидеца тасбихI гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир гуч бергьарав, жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго.** Жиндие бокьараб жо гьабизе кIолев, гьелдаса жив щибго жоялъ нахъчIваларев вуго, ва амма жинца цо маслахIат бугеб, жиндир махлукъалъе мунпагIат бугеб жо гурони гьабуларо.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لِمَ تَقُولُونَ مَا لَا

**2. Я гьал иман лъурал гIадамал!**

تَفْعَلُونَ ﴿٢﴾

**Нужеца гьабулареб жо гьабила абун щай нужеца абулеб?**

كَبُرَ مَقْتًا عِندَ ٱللَّهِ أَن تَقُولُوا۟ مَا لَا تَفْعَلُونَ ﴿٣﴾

**3. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб цIакъ ццим бахъунеб жо буго инсанас жинца гьабичIеб жо гьабуна абун бицин.**

Гьаб кIиго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: цо бусурбабаца абулеб букIана: «Нижеда лъалебани бищунго лъикIаб гIамал щиб бугебали, нижеца гьеб гьабизе букIана ва нижер напсги, боцIи-малги гьеб ишалъе гIоло кьезе букIана» - абун. Цинги Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ жигьад гьаби парз гьабураб мехалъ гьеб цо гIадамазе рихана ва жал гьеб жигьад гьабиялдаса нахъе къана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб цебехун хъвараб кIиго аят рещтIине гьабуна.

إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلَّذِينَ يُقَـٰتِلُونَ فِى سَبِيلِهِۦ صَفًّا كَأَنَّهُم بُنْيَـٰنٌ مَّرْصُوصٌ ﴿٤﴾

**4. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагьасе рокьула жиндир диналъе гIоло мухъал гьарун рагъулел гIадамал. Гьеб мухъалдаса лъутичIого, цоцазда цун, щулияб минаялда релълъун жалги рукIунел.**

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тущбабазде данде вагъизе вахъарав чи кидаго лъутизе бегьуларо. Цоцо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ изну кьурал х1алал хут1изег1ан, рагъул х1ила гьабун, яги цоги рахъалдаса т1аде к1анц1изе абун, яги жидерго жамаг1аталда данделъизе абун. Гьесда лъазе ккола жив Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун вагъулев вукIин ва жиндие Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ кквербакъиги гьабизе букIин.

وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦ يَـٰقَوْمِ لِمَ تُؤْذُونَنِى وَقَد تَّعْلَمُونَ أَنِّى رَسُولُ ٱللَّهِ إِلَيْكُمْ ۖ فَلَمَّا زَاغُوٓا۟ أَزَاغَ ٱللَّهُ قُلُوبَهُمْ ۚ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْفَـٰسِقِينَ ﴿٥﴾

**5. Муса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام жиндир къавмалда абурб гIуж рехсе, МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, дуца дур къавмалъе вагIзалъун: «Я дир къавм! Нужеда дун хIакъав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ расул вукIинги лъалеб букIаго дие зарал щай гьабулеб?**

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дие кьурал гIемерал мугIжизаталги нужеда рихьана, дица бицунеб жо битIараб букIинги нужеда лъала»-абун. **Гьел бануисраилал Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIакъаб диналдаса гьетIараб мехалъ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьезул ракIалги гьетIизе гьаруна жал хIакъаб нухалда тIоритIун ккеялдаса. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ пасикъаб къавм тIобитIуларо хIакъаб динул исламалда.** Жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ расуласе къварилъи гьабураб мехалъ гьел гIадамал капурлъиялде ана ва гьезул ракIалги хIакъаб дин жанибе лъугьунарел лъугьана.

وَإِذْ قَالَ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ يَٰبَنِيٓ إِسْرَٰٓءِيلَ إِنِّي رَسُولُ ٱللَّهِ إِلَيْكُم مُّصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيَّ مِنَ ٱلتَّوْرَىٰةِ وَمُبَشِّرًۢا بِرَسُولٍ يَأْتِي مِنۢ بَعْدِي ٱسْمُهُۥٓ أَحْمَدُ فَلَمَّا جَآءَهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ قَالُوا۟ هَٰذَا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿٦﴾

**6. Марьямил вас Г1исаца жиндир къавмалда абураб гIужги рехсе, МухIаммадﷺ : «Я бануисраилал! Х1акълъунго дун вуго нужеде витIарав Аллагьасул ﷻ расул. Дица ритIухъ гьабула дида цебехун рещтIине гьабураб Таврат ва гьелда тIад бугеб хIукму. Дица рохелги бицунеб буго дидаса хадув вачIине вугев аварагасдалъун ﷺ, жинда цIарги АхIмад абун бугев»-абун.**

**Гьев Мух1аммад авараг ﷺ жидехъе хIакъал хIужабигун вачIараб мехалъ бану исраилаз абуна : «Гьав чи вуго сихIручи, жинда цIакъ сихIру гьабизе лъалев» - абун.**

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ وَهُوَ يُدْعَىٰٓ إِلَى ٱلْإِسْلَٰمِ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِي ٱلْقَوْمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٧﴾

**7. Жинца Аллагьасде ﷻ гIунтIизе гьабун гьереси бицунев чиясдаса жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев? Жив хIакъаб исламияб диналде ахIулевги вук1адго** жинца гьеб ахIиялъе жаваб кьечIого гьев Аллагьасул ﷻ расул гьереси гьавун, Аллагьасул ﷻ каламги гьереси гьабун жив хьвадарав чи вуго гьав.

**ХIакълъунго Аллагьас битIараб нухалде тIоритIуларо куфру-ширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

يُرِيدُونَ لِيُطْفِـُٔوا۟ نُورَ ٱللَّهِ بِأَفْوَٰهِهِمْ وَٱللَّهُ مُتِمُّ نُورِهِۦ وَلَوْ كَرِهَ ٱلْكَٰفِرُونَ ﴿٨﴾

**8. Капурзабазе бокьун буго жидер хъубал кIалазул гьуриялдалъун Аллагьасул ﷻ диналъул нур свине гьабизе.**

Гьел релълъун руго жидеца бакъалдехун ралагьун гьеб бакъалде хIухьел пулел гIадамазда, гьеб бакъул нур свине гьабизе бокьун. **ТIадегIанав Аллагь жинца жиндир Исламияб дин ракьалда тIад тIибитIизе гьабулев вуго кигIанго гьеб дин капурзабазе рихун бугониги.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Т1адегIанав Аллагьас дие кинабго ракь сукIана (дида гьеб кинабго бихьизе гьабуна), дида гьеб ракьалъул киналго рахъалги рихьана. Дир умматалъул ханлъи щвезе буго гьеб Аллагьас ﷻ дида бихьизе гьабураб ракьалъул рагIаллъабазде»* - абун.

Гьаб аяталъул ва хIадисалъул магIна гьечIо дунялалда тIад капурчи хутIизе гьечIо абураб. Гьелъул магIна буго Исламияб дин ракьалда тIад загьираблъун букIине буго, гьелъул шаргIалда рекъон хIукмуги гьабизе буго абураб. Исламияб дин ва гьеб ккурал муъминзаби жал бергьаралльун рукIине руго, гьезул хIужа-далилги хIакъаб букIине

буго. Жидер кIалзул дагIваталдалъун ва хвалчадул балалдалъун муъминзабаца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналде халкъ ахIизе буго ва гьел мужагьидал Къиямасеб къо щвезегIан рукIине руго.

هُوَ ٱلَّذِىٓ أَرۡسَلَ رَسُولَهُۥ بِٱلۡهُدَىٰ وَدِينِ ٱلۡحَقِّ لِيُظۡهِرَهُۥ عَلَى ٱلدِّينِ كُلِّهِۦ وَلَوۡ كَرِهَ ٱلۡمُشۡرِكُونَ ٩

**9. Гьав ТIадегIанав Аллагь вуго жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер БетIергьан, жинца хирияб Къуръанги ва хIакъаб динги босун жиндир расул нужехъе витIарав, гьеб дин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ киналго диназдаса бергьине гьабизе, гьеб хIакъаб Исламияб дин бергьин мушриказе цIакъ рихараб жо бугониги.**

ХIакълъунго тIадегIанав Аллагьас жиндир Исламияб дин загьир гьабуна. Киналго диназдаса гьеб бергьунги буго. Амма хIакъаб диналде инкар ккурал гIадамал гIемерал руго. Гьел инкарчагIи кигIан гIемерал ругониги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIакъаб дин хIакъаблъун хутIула. Меседил горо рощнол гохIде реханиги меседил горолъун хутIулеб гIадин, хIакъаб динги капурзабаца гьелда инкар ккуна абун батIуллъуларо.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ هَلۡ أَدُلُّكُمۡ عَلَىٰ تِجَٰرَةٖ تُنجِيكُم مِّنۡ عَذَابٍ أَلِيمٖ ١٠

**10.** Цо асхIабзабаца хирияв аварагсда ﷺ абураб мехалъ: «Я расулаллагьи! Дуца нижеда лъазе гьабе бищунго хайир цIикIкIараб даран щиб бугеб?» - абун, тIадегIанав Аллагьас гьаб аят ва гьалда хадур ругел аяталги рещтIине гьаруна:

**Я гьал иман лъурал гIадамал! Дица нуж тIоритIилищ нуж жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазабалдаса цIунулеб дараналда?**

تُؤۡمِنُونَ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَتُجَٰهِدُونَ فِي سَبِيلِ ٱللَّهِ بِأَمۡوَٰلِكُمۡ وَأَنفُسِكُمۡۚ ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ١١

**11. Нужеца тIадегIанав Аллагьасда ва гьесул расуласда иман лъе. Нужерго магIишаталдалъун ва нужерго напсаздалъун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазаватги гьабе! Гьаб даран буго нужее бищунго хайир бугеб. Нуж жо лъалел ва бичIчIунел гIадамал ратани,** нужеца гьеб иш гьабе! Гьаб гIамал гьабун нуж хьвадани:

يَغۡفِرۡ لَكُمۡ ذُنُوبَكُمۡ وَيُدۡخِلۡكُمۡ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ وَمَسَٰكِنَ طَيِّبَةٗ فِي جَنَّٰتِ عَدۡنٖۚ ذَٰلِكَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ١٢

**12. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужер церехун гьарурал мунагьал чурила, ахираталда нуж лъугьине гьарила жидеда жаниса гIорал чвахулел алжаназул ахазукь. Ц1акъ берцинал ва лъикIал чIолел бакIалги рукIина нужее даимго нуж жанир рукIунел алжанazда жанир.**

**Гьаб рехсараб ажру буго цIакъ кIудияб бахьи буголъи ва лъикIлъиялда кверщел бати.**

وَأُخْرَىٰ تُحِبُّونَهَا نَصْرٌ مِّنَ ٱللَّهِ وَفَتْحٌ قَرِيبٌ وَبَشِّرِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿١٣﴾

**13. Гьаб гуребги цогиги лъикIлъи ва рохел буго нужее жиб цIакъ бокьулеб: Аллагьасул ﷻ рахъалъан бугеб тущбабазда тIад квербакъи буго гьеб ва Исламияб дин бергьин ва загьирлъи буго.**

**Дуца муъминзабазда рохел бице, МухIаммад ﷺ, гьаб кIудияб рохелалдалъун.** Дунялалда Аллагьасул ﷻ тущбабаздаса бергьиналъул рохел буго гьеб. Ахиратalда Аллагь ﷻ разилъиялъул ва алжаналъул рохелги буго.

Я гьал муъминзаби! Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун гьесул диналъе квербакъулеллъун кин нилъ рукIунарел? Гьаб хирияб Къуръаналда иман лъураллъун Аллагьас ﷻ нилъ гьарун ругелъул гьаб хирияб Къуръаналда нахърилълъараллъун, гьелда гIамал гьабулеллъун щай нилъ рукIунарел? Аллагьасул ﷻ дин ракьалда букIине гьаби буго дунялалда гьабулеб гIамалалъул бищунго тIадегIанаб макъам. Гьеб гIамал гьабурасе щолеб ажру-кириги гьеб макъамалда релълъараб тIадегIанаб буго. Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун къватIиве вахъарав ва Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло жигьад гьабурав чиясе кинабгIаги пащманлъи гьечIо. Гьесие Аллагьас ﷻ кIиго лъикIлъи ва рохел къотIи гьабун буго: дунялалда бергьенлъи щун ва гъанимат щун рохи буго, ахираталда алжан щун рохиги буго. Дунялалъул рукъор гъазаваталда бергьинчIониги гьезие ахираталда алжан букIине букIин хIакъаб жо буго.

Ар-Рази абулев гIалимас абуна: «Жигьад гьаби абураб жо лъабго батIияб буго: тIоцебесеб буго: жиндаги жиндир напсалдаги гьоркьоб бугеб жигьад. Гьеб буго жиндир напс гьелъие бокьараб жоялдаса нахъе чIвай, щайтIаналъул нухда хьвадизе биччангутIи ва гьеб напс Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун хьвадиялде ахIи.

КIиабилеб жигьад буго: жиндаги халкъалдаги гьоркьоб бугеб. Гьелъул магIна буго гIадамазда кодоб бугеб жоялда хьул лъунгутIи, гьел гIадамаздехун гурхIел-рахIму гьаби.

Лъабабилеб буго: Аллагьасул ﷻ тущбабазда жигьад гьаби, жиндир боцIи-малалдалъун ва жиндирго напсалдалъунги. Гьаб буго жигьадалъул бищунго тIадегIанаб ва хирияб макъам. Гьаб макъамалдеги щоларо жиндирго напс квегъун, гьеб Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабулеб хIалалде бачун хадуб гурони»-абун.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُونُوٓاْ أَنصَارَ ٱللَّهِ كَمَا قَالَ
عِيسَى ٱبۡنُ مَرۡيَمَ لِلۡحَوَارِيِّـۧنَ مَنۡ أَنصَارِيٓ إِلَى ٱللَّهِۖ
قَالَ ٱلۡحَوَارِيُّونَ نَحۡنُ أَنصَارُ ٱللَّهِۖ فَـَٔامَنَت طَّآئِفَةٞ
مِّنۢ بَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ وَكَفَرَت طَّآئِفَةٞۖ فَأَيَّدۡنَا ٱلَّذِينَ
ءَامَنُواْ عَلَىٰ عَدُوِّهِمۡ فَأَصۡبَحُواْ ظَٰهِرِينَ ١٤

**14. Я гьал иман лъурал г1адамал! Нуж Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе квербакъулеллъун рукIа! ГIиса аварагас عَلَيْهِ السَّلَام жиндир асхIабзаби хIавариюназда абураб г1адин: «Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ дин халкъалъухъ щвезабизе ва гьеб диналъе квербакъи гьабизе дие квербакъулев чи щив вугев?» - абун, гьел хIавариюназ абуна: «Ниж руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе квербакъулел гIадамал» - абун.**

Нужги гьел ГIисал عَلَيْهِ السَّلَام асхIабзаби гIадин аварагасул ахIиялъе жаваб гьабуралллъун ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе квербакъи гьабулеллъун рукIа. **Гьаб бануисраилазул цо къукъаялъ Аллагьасдаги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расул ГIиса аварагасдаги عَلَيْهِ السَّلَام иман лъуна, цоги къукъа инкар ккунги чIана. Дица жидеца иман лъураб къукъаялъе квербакъи гьабуна жидер тущбабаздаса гьел бергьине ва гьел муъминзаби жал бергьаралги лъугьана.**

Жидер хIужа-далилалдалъун гьел бергьарал руго киналго капурзабазул къукъабаздаса. Гьев ГIиса аварагасул عَلَيْهِ السَّلَام уммат чанго къукъаялде рикьана ва гьел мушрикаллъун лъугьана: цояз Г1иса аллагь вуго абун, цояз гьев Аллагьасул вас вуго абун, цогидаз Аллагь лъабго жоялдаса данде гьавурав вуго абун: эменги, васги, рухIулкъудусги данделъарав чи вуго Аллагь абун. Аллагь тIадегIанав вуго ва жив вацIцIадав вуго жиндир лъимал рукIиналдаса ва жиндие гIахьалчи вукIиналдаса.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату Ссафалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго.

## 62. Суратул ЖумгIат

سُورَةُ الجُمُعَةِ

*Мадинаялда рещтIине гьабураб, жинжда жаниб анцIила цо аят бугеб.*

*Мадинаялда рещтIине гьабураб бугелъул, гьаб сураталда жанир шаргIиял хIукмаби рицун руго. Аслияб хIукмуги рузман къоялъ балеб какалъул буго: гьеб рузманалда бусурбаби данделъизе ккей ва гьеб къоялъ Аллагь ﷻ рехсеялде, гьесие гIибадат гьабиялде руссине ккей бицун буго. ТIадегIанав Аллагьасе кинабго махлукъалъ тасбихI гьабулеблъи бицун хадуб, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг кинабго халкъалъе рахIматлъун витIарав вукIин баян гьабун буго.*

*Ягьудиязул бицен гьабун буго: гьез хIакъаб дин тей ва таврàталда гIамал гьабиялдаса гьел руссин бицун.Сураталъул ахиралда, иман загIипал гIадамазул мисал бачун, гьезда релълъун рукIиналдаса цIуне абун амруги гьабулеб буго.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. ТIадегIанав Аллагьасе жидеца тасбихI гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ. Кинабго махлукъалъул ханлъун жив вугев гьев Аллагь ﷻ, жив кинабго мукъсанлъи, загIиплъиялдаса вацIцIадав, жиндир гуч ва къуват бергьарав, жиндир хIукму-къадаралъулъ жив гIадилав, цо маслахIат ва мунпагIат бугеб жо гурони жинца гьабуларев.**

يُسَبِّحُ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِ ٱلْمَلِكِ ٱلْقُدُّوسِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَكِيمِ ﴿١﴾

**2. Гьев Аллагь ﷻ вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер бетIергьан, жинца хъвай-цIали гьечIел гIарабиязда гьездаго гьоркьоса расул витIарав, жинца гьезие Аллагьасул ﷻ къуръаналъул аятал цIалулев, жинца гьел купру-ширкалъул чороклъиялдаса рацIцIадги гьарулев. Жинца гьезда Аллагьасул ﷻ калам Къуръанги лъазе гьабулев, жиб бацIцIадаб суннатги лъазе гьабулев, гьел гIадамал жидехъе авараг ﷺ витIизегIан цереккун баянаб къосиналъулъ рукIарал ругониги.**

هُوَ ٱلَّذِي بَعَثَ فِي ٱلْأُمِّيِّـۧنَ رَسُولًا مِّنْهُمْ يَتْلُواْ عَلَيْهِمْ ءَايَٰتِهِۦ وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ وَإِن كَانُواْ مِن قَبْلُ لَفِي ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٢﴾

Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммад авараг витIана аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ гьечIого гIемер заман араб, кинабго халкъ купру-ширкалде буссараб, жагьилияб заманаялъ. Гьев жидеда гьоркьоса витIарал гIарабиялги жидехъе ИсмагIил аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ хадув цониги авараг вачIинчIел, хъанчие лагълъи гьабулел гIадамал рукIана. Гьев хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гIарабиязде витIана абураб рагIиялъул магIна буго гьел хира гьари ва гьезул аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ нахъ рилълъиналде къасд ккезаби. Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммад авараг цохIо гIарабиязде витIарав гьечIо. Гьев вуго киналниги гIадамаздеги женаздеги жив витIарав, аварагзабазул عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ахирав ва бищун хирияв авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ.

Жинда Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагас кагIба рукъги бан, жиндир вас ИсмагIил авараг عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ гьеб гIараб ракьалда тана гьеб къавм Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялде жинца ахIулевлъун. Гьелдаса гIемер заман ун хадуб, гIарабияз хIакъаб исламияб дин хисана ва хъанчие лагълъи гьабулеб къавмлъун лъугьана. Инжил-таврталъул агьлуялъги гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тIахьал жидее бокьухъе хисизе гьаруна ва гьелги, чанго батIиял къокъаби лъугьун, купру-ширкалде руссана. Гьеб хIалалда ругел гIадамазде ва женазде витIарав авараг вуго МухIаммад, жинда Аллагьасул свалат-салам лъеяв.

وَءَاخَرِينَ مِنۡهُمۡ لَمَّا يَلۡحَقُواْ بِهِمۡۚ وَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ۝٣

**3. Гьав авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ витIулеб мехалъ рукIинчIел, гьелдаса хадур жал рукIунел киналго гIарабияздеги гIажамияздеги витIаравги вуго гьав МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ.**

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жиндир гуч бергьарав, жиндир пиша хIакимияв хан вуго.**

ذَٰلِكَ فَضۡلُ ٱللَّهِ يُؤۡتِيهِ مَن يَشَآءُۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلۡفَضۡلِ ٱلۡعَظِيمِ ۝٤

**4. Гьаб МухIаммад аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ кьураб хиралъи ва тIокIлъи Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахьалъан буго ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго цIакъ кIудияб хиралъи-тIокIлъиялъул бетIергьан.**

مَثَلُ ٱلَّذِينَ حُمِّلُواْ ٱلتَّوۡرَىٰةَ ثُمَّ لَمۡ يَحۡمِلُوهَا كَمَثَلِ ٱلۡحِمَارِ يَحۡمِلُ أَسۡفَارَۢاۚ بِئۡسَ مَثَلُ ٱلۡقَوۡمِ ٱلَّذِينَ كَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِۚ وَٱللَّهُ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ ٱلظَّٰلِمِينَ ۝٥

**5. Жидехъе таврат кьурал ва гьелда гIамал гьабе абун амруги гьабурал, цинги жидеца гьеб тавраталда гIамал гьабичIел гIадамазул мисал буго жинда тIад лъун гIемерал тIахьал раччун ругеб хIамаялъул мисал.**

Гьеб хIамаялъе жиндир мугъалда тIад ругел тIахьаздаса, жиб свакай гуреб, цоги мунпагIат щолареб гIадин, тавраталда гIамал гьабичIел ягьудиязеги, ахираталда жидее жужахIалъул гIазаб букIин гуреб, щибго мунпагIат гьечIо гьеб таврат жидеде рещтIана абураб рагIиялдаса.

**ЦIакъ квешаб мисал бугоха гьаб жидеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ аятазда инкар кколеб къавмалъе бачараб.ТIадегIанав Аллагьас хIакъаб диналда тIоритIуларо жидеца купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

Жидехъе расулги витIун, тIехьги рещтIине гьабун, хIакъаб дин босе абун амру гьабураб мехалъ жидеца гьеб дин босичIел ва гьелда гIамал гьабичIел гIадамал жидерго купруялда тола Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ, гьезда хIалги гьабун гьеб исламияб дин босизе гьабуларо. Гьедин тана Т1адегIанав Аллагьас ягьудиялги насраниялги жидеца инжил-таврталда гIамал гьабичIеб мехалъ ва гьезда жиндир сипатал рицарав, жинда нахърилълъа абун амру гьабурав МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьез гьереси гьавураб мехалъ, гьесда рещтIараб къуръанги ритIухъ гьабичIеб мехалъ.

قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ هَادُوٓا۟ إِن زَعَمْتُمْ أَنَّكُمْ أَوْلِيَآءُ لِلَّهِ مِن دُونِ ٱلنَّاسِ فَتَمَنَّوُا۟ ٱلْمَوْتَ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٦﴾

6. **Дуца абе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **:**
**«Я гьал ягьудиял! Нужеца абулеб батани нуж ругин цогидаб кинабго халкъалдаса Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **рокьулел гIадамал абун, нужер хвалде хьул лъеха гьеб нужер рагIиялъулъ нуж ритIухъал ратани»-абун.**

Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ жал рокьулел гIадамазе Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ вокьизе ккола ва гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ дандчIвазе гIащикълъун рукIине ккола. Нуж гьедин рукIаха ва нужеда хехго холел анищ абун ракIалде кка.

وَلَا يَتَمَنَّوْنَهُۥٓ أَبَدًۢا بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ ۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِٱلظَّٰلِمِينَ ﴿٧﴾

7. **Гьел ягьудиязул кидаго хвалиде хьул лъоларо,** гьел цIакъ хIинкъун рукIуна жидеде тIаде хвел бачIиналдаса.

**Гьелъие сабаб буго гьез Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар кквей, гьесул русулал** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьари ва цогиги кIудиял мунагьалги пасалъабиги гьари. Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **жинда залимал ва зулмуял гIадамазул хIал лъалев вуго.**

Гьал аятал рещтIине гьариялъе сабаб буго ягьудияз жал Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ бищунго рокьулел гIадамал ругин, жидер гIемерал аварагзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ рукIанин, жал гурони алжаналде жанирги лъугьине гьечIин абун аби. Гьезул рагIи гьереси гьабун рещтIине гьаруна ТIадегIанав

Аллагьас гьал аятал.

قُلۡ إِنَّ ٱلۡمَوۡتَ ٱلَّذِي تَفِرُّونَ مِنۡهُ فَإِنَّهُۥ
مُلَٰقِيكُمۡۖ ثُمَّ تُرَدُّونَ إِلَىٰ عَٰلِمِ ٱلۡغَيۡبِ
وَٱلشَّهَٰدَةِ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ٨

**8. Дуца абе МухІаммад ﷺ !
Х1акълъунго нуж жиндаса лъутулеблъун бугеб хвел чара гьечІого нужеда дандчІвазе бугеб буго. Гьелдаса рорчІизе бакІ гьечІо. Цинги, къиямасеб къоялъ, нуж руссине гьаризе руго жинда кинабго гъаибабги загьирабги жо лъалев бетІергьан Аллагьасде ва гьениб нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гІамал.**
Нужер гІадилаб хІисаб-мизан гьабизе буго ва щивасе жиндир гІамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا نُودِيَ لِلصَّلَوٰةِ مِن يَوۡمِ
ٱلۡجُمُعَةِ فَٱسۡعَوۡاْ إِلَىٰ ذِكۡرِ ٱللَّهِ وَذَرُواْ ٱلۡبَيۡعَۚ
ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُمۡ تَعۡلَمُونَ ٩

**9. Я гьал иман лъурал гІадамал!
Рузман къоялъ къалъул гІужалда, нуж рузманалъул как базе ахІараб мехалъ, нужеца даран-базар ва цогидаб хІалтІи жибго те ва нужеца хехлъи гьабе Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ как базе ва гьев рехсезе масжидалде ине. Гьеб нужер ахираталъе цІакъ лъикІаб гІамал буго.
Дунялалъул рукъобги нужее баракат буголъи щвела. Нуж нужеда жо лъалел гІадамал ратани нужеца гьаб амру тІубазе гьабе.**

فَإِذَا قُضِيَتِ ٱلصَّلَوٰةُ فَٱنتَشِرُواْ فِي
ٱلۡأَرۡضِ وَٱبۡتَغُواْ مِن فَضۡلِ ٱللَّهِ وَٱذۡكُرُواْ
ٱللَّهَ كَثِيرٗا لَّعَلَّكُمۡ تُفۡلِحُونَ ١٠

**10. Нужеца как бараб мехалъ нуж рикьа-рихе** ва нужер хъулухъазде ва даран-базаралде а, **ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цІоб-рахІматалдаса хІалалаб, бацІцадаб ризкъиги тІалаб гьабе. Ва нужеца кинабго мехалъ ва кинабго хІалалъ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ рехсей гІемер гьабе.**
Нуж Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ кІочон дунял гьабулездаса рукІунге. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьураб жо гурони нужее щвезе гьечІо. Нужер рорта-хъетиялъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хІукму-къадар хисизе гьабуларо. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва гьесул расулас бихьизе гьабураб хІалалъ нуж хьвадани, **нужер лъикІлъиялда кверщел батизе буго.**

وَإِذَا رَأَوۡاْ تِجَٰرَةً أَوۡ لَهۡوًا ٱنفَضُّوٓاْ إِلَيۡهَا وَتَرَكُوكَ
قَآئِمٗاۚ قُلۡ مَا عِندَ ٱللَّهِ خَيۡرٞ مِّنَ ٱللَّهۡوِ وَمِنَ
ٱلتِّجَٰرَةِۚ وَٱللَّهُ خَيۡرُ ٱلرَّٰزِقِينَ ١١

**11. Муъминзабазул цо къукъаялда даран-базар гьабизе цо къапила бачІунеб букІин лъараб мехалъ, гьезул ахІи-хІур ва махсаро-хочІ бихьараб мехалъ гьел гьеб къапилаялде данде чІвазе рекерун ана, мунги тана я гьав авараг дурго минбаралда**

**тIад вахъун чIун вугеб хIалалъ.**

Гьел жидер иман загIипал, сабру дагьал, дунялалъул даран-базар ахираталъулалдаса жидеца цебе гьабулел гIадамазда **дуца абе, МухIаммад ﷺ : ахираталда Аллагьасда ﷻ аскIоб бугеб ажру-кири цIакъ лъикIаб буго гьаб дунялалъул даран-базаралдаса ва махсаро-хочIалдаса. Гьев Аллагьги ﷻ вуго бищунго лъикIав Разикъ»-абун.** Кинабго ризкъи Аллагьасул ﷻ буго ва гьес кьураб жо гурони цониги инсанасе букIунаро. Гьедин бугелъул нужеца гьеб ризкъи щвеялде нух баче Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун, лъикIаб гIамал гьабун. Гьеб буго ризкъи гIатIилъиялъе бищунго мухIканаб сабаб.

Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: «Мадинаялъул агьлу бакъун бугеб заман букIана гьаб аяталъ жиндир бицен гьабураб, асхIабзаби къапилаялде данде рекерун араб заман. Гьеб къапила букIана Шамалдаса кванил нигIматал росун бачIунеб. Къапила шагьаралде щвараб мехалъ гьезул гIадат букIана къали кьабун ва гьаракь гьабун жал рачIин лъазе гьабулеб»-абун.

Ибну Касирица абуна: «Гьаб иш ккараб заман буго Аллагьасул ﷻ свалат салам лъеяв аварагас рузманалъул как цебе бан, хадуб хутIба гьабулеб букIараб заман: гIидалъул как балеб мехалъ гьабулеб гIадин. Рузманалъул какги бан хутIба гьабизе абун авараг ﷺ минбаралде вахараб мехалъ бачIана гьеб къапила шагьаралде жанибе ва гьелъул ахIи-хIур рагIараб мехалъ гIемерисел асхIабзаби масжидалдаса къватIире ана»-абун.

Гьаб рузманкъоялъул хиралъи бицарал гIемерал хIадисал руго. Гьеб къоялъ гьабураб гIибадаталъул ажру-кириги цIакъ кIудияб букIуна. Рузман къоялъ черхги чурун бацIцIадаб, берцинаб ретIелги ретIун, гьуинаб махIги гьабун радалго вахъун масжидалдаги ун гьенив Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе гIодов чIарав муъминчи вуго жинца Аллагьги ﷻ гьесул расулги разилъи тIалаб гьабулев, гьезул амру тIубалев чи. Рузманалде ине хехлъи гьабе абаруб рагIиялъул магIна гьечIо векерун гьениве а абураб. Гьелъул магIна буго рузманкъо бачIарабго гьеб рузманалде ине къасд гьабе ва хIадурлъи гьабе абураб.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул ЖумгIаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецццги гьев Аллагьасе ﷻ буго.

# 63. Суратул Мунафикъун

سُورَةُ المُنَافِقُونَ

*Гьаб сураталда жанирги шаргIиял хIукмаби рицунел руго. Аслияб бакI кколеб буго мунафикъал бихьиназул ва руччабазул сипатал рицинаЛъ, гьезул хIиллаял, къабихIал пишаби къватIир чIвазе гьариялъги.*

*Сураталъул ахиралда муъминзабазе хIинкъи кьолеб буго дунял тIалаб гьабиялде машгъуллъиялдаса, гьелъул берцинлъабаз ва лазатаз гуккун Аллагьги ﷻ ахиратги кIочон рукIиналдасаги. Гьедин рукIин буго мунапикъзабазул тIабигIат.*

*Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун жидер боцIи садакъаялъе ва напакъаялъе кьеялдеги ахIулел руго, гьеб кьезе рес гьечIеб къо тIаде бачIун гьел пащманлъилелде цебего.*

*Мунапикъзаби Маккаялда ругеб мехалъ букIараб къукъа гьечIо. Гьенир я бусурбаби, я мушрикал рукIана. Гьел мунапикъзаби раккана Мадинаялде щвараб мехалъ ва Исламияб дин бергьине, гьелъул ракь ва къуват цIикIкIине лъугьараб мехалъ.*

*Гьел руго жидерго напс цIуни гурони чорхолъ бахIарчилъи гьечIел, жидер къадру-къиматалъул кIвар гьечIел, хIалихьатал гIадамал. Гьеб къукъа гьанже цIакъго гIемерлъун буго. ХIакъикъиял муъминзаби цIакъго дагьлъун руго. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъиги тун, гIадамаздаса хIинкъи тIаса бищун буго, Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабичIого гIадамал разилъи тIалаб гьабулеб буго.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

إِذَا جَآءَكَ ٱلْمُنَٰفِقُونَ قَالُوا۟ نَشْهَدُ إِنَّكَ لَرَسُولُ ٱللَّهِ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ إِنَّكَ لَرَسُولُهُۥ وَٱللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّ ٱلْمُنَٰفِقِينَ لَكَٰذِبُونَ ﴿١﴾

**1. Мунапикъзаби духье рачIараб мехалъ гьез дуде абулеб буго, МухIаммад ﷺ: «Нижеца нугIлъи гьабулеб бугин х1акълъунго мун Аллагьасул ﷻ расул вукIиналъе»- абун. Т1адегIанав Аллагь жинда лъалев вуго мун гьесул расул вукIин.**

Гьесие гIадамазул нугIлъи хIажат гьечIо гьеб амру тасдикъ гьабизе. **Аллагь ﷻ жинца нугIлъи гьабулев вуго х1акълъунго гьел мунапикъзаби жидеца гьереси бицунел рукIиналъе.** КIалалъ мун

расулаллагь вуго абун абуниги, гьезул рекIелъ дуда иман лъей гьечIо. Гьел руго мунги муъминзабиги жидеца гуккулел абун, амма гьез жидерго напсал руго гуккулел ва махсароде гьарулел.

ٱتَّخَذُوٓاْ أَيۡمَٰنَهُمۡ جُنَّةٗ فَصَدُّواْ عَن سَبِيلِ
ٱللَّهِۚ إِنَّهُمۡ سَآءَ مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ٢

**2. Жидер гьересияб гьа гьедиги гьез ккун буго бусурбабаца жал чIвачIого рукIиналъе сабаблъун.**
Нижги иман лъурал руго абун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIаралдалъун гьересияб гьа гьедулеб буго. Цинги Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялдаса жидеца гIадамалги нахъе чIвалел руго. **Жигьад гьабиялдаса ва МухIаммад аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ нахъ рилълъиналдасаги гIадамал нахъе чIвалел руго.** Жалги бусурбаби руго абун гьаял гьедун гьел кIалъараб мехалъ ва жигьадалде инчIого чIеялъе батIи-батIиял сабабал рицун гьел рагъдеги рахъинчIеб мехалъ, гьезда нахърилълъун жидер иман загIипал муъминзабиги гьелгун цадахъ рукъор чIолел рукIана. **ХIакълъунго Гьел мунапикъзаби руго жидеца гьабулеб гIамал цIакъ квешал гIадамал.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمۡ ءَامَنُواْ ثُمَّ كَفَرُواْ فَطُبِعَ عَلَىٰ قُلُوبِهِمۡ
فَهُمۡ لَا يَفۡقَهُونَ ٣

**3. ХIакълъунго гьеб квешаб гIамал ва гьересияб гьа гьеди гьез гьабулеб буго жидер мацIаздалъун иман лъун букIиналъ ва рекIелъ иман гьечIолъиялъ. Гьезул ракIазда тIад мугьру чIван буго гьезда жанибе иман лъугьунареб хIалалъ ва гьел руго жидеда щибго хIакъаб жо бичIчIунарел гIадамал.**

۞ وَإِذَا رَأَيۡتَهُمۡ تُعۡجِبُكَ أَجۡسَامُهُمۡۖ وَإِن يَقُولُواْ
تَسۡمَعۡ لِقَوۡلِهِمۡۖ كَأَنَّهُمۡ خُشُبٞ مُّسَنَّدَةٞۖ
يَحۡسَبُونَ كُلَّ صَيۡحَةٍ عَلَيۡهِمۡۚ هُمُ ٱلۡعَدُوُّ
فَٱحۡذَرۡهُمۡۚ قَٰتَلَهُمُ ٱللَّهُۖ أَنَّىٰ يُؤۡفَكُونَ ٤

**4. Дуда гьел мунапикъзаби рихьараб мехалъ мун гьезул чурхдуз гIажаиблъизе гьавулев вуго.** Гьел руго гIорцIарал, кьариял, берцинал ва кутакал.
**Гьел кIалъараб мехалъ дуе гьезухъ гIенеккизеги бокьулеб буго,** гьезул калам пасихIаб ва берцинаб букIун. **Гьезул хIакъикъат буго цо къеда аскIор рахъун чIезе гьарурал цIулал рахазда релълъун.** Гьезул щибго гIакълу гьечIо, гIелмуги гьечIо. РухI гьечIеб черх буго гьезул, гIакълу гьечIеб къаркъалаги буго. **Кинабго борхараб гьаракь жидедехун ахIулеб буго абун ккола гьезда,** гьел хIинкъулел, бахIарчилъи гьечIел рукIиналъ. **Гьал руго унго-унгоял муъминзабазул тущбаби. Нуж гьезул хIиллаялдаса цIуне! Жидеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъаял ва жал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIодорегIан гьареял! Гьел мунапикъзаби хIакъаб динул исламалдаса кирехун руссунел ругел?!**

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица Абу-Гъурайратидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «мунапикъзаби ратIа гьаризе лъалел сипатал руго: гьез салам кьолеб мехалъ лагIнат кьола (кIалалъ салам кьолеб хIал гьабун ракIалъ лагIнат кьола). Гьезул тIагIамги бикъараб, хIал гьабун бахъараб букIуна. Давла босараб мехалъ гьелъульги жидеца хIилла гьабула, гьелдаса бикъизе, бахчизе яхI бахъула. Гьел масжидалдеги гIагарлъуларо гьениб квешаб хабар бицине гурони, как базеги гьел рачIунаро ахиралда гурони. ЧIухIун, гIамал кIодолъун рукIуна. Жал гIадамазда рекъоларо, гIадамал жидедаги рекъоларо. Сардилъ гьел хIехьалгIадин рукIуна (щибго гIибадат гьабуларо), къадги гьел хьвадулел ва ахIдолел рукIуна»* – абун.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا يَسْتَغْفِرْ لَكُمْ رَسُولُ اللَّهِ لَوَّوْا رُءُوسَهُمْ وَرَأَيْتَهُمْ يَصُدُّونَ وَهُم مُّسْتَكْبِرُونَ ۝٥

**5. Мунапикъзабазде абураб мехалъ нуж аварагасухъе ﷺ рачIа, гьес нужер мунагьал рахчи тIалаб гьабила абун, гьез жидер бутIрул дорехун руссине гьарула ва дуда гьел рихьизе руго хIакъаб жоялдаса жал руссараллъун ва жидеца гIамалкIодолъи гьабулеллъун.**

سَوَاءٌ عَلَيْهِمْ أَسْتَغْفَرْتَ لَهُمْ أَمْ لَمْ تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ لَن يَغْفِرَ اللَّهُ لَهُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفَاسِقِينَ ۝٦

**6. Гьезие щибго мунпагIат гьабуларо, МухIаммад ﷺ, дуца гьезул мунагьал рахчи тIалаб гьабуниги, гьабичIого таниги. Гьезул Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кидаго мунагьал рахчуларо. Х1акълъунго Аллагьас Исламияб диналда тIобитIуларо пасикъаб, мунафикъаб къавм.**

هُمُ الَّذِينَ يَقُولُونَ لَا تُنفِقُوا عَلَىٰ مَنْ عِندَ رَسُولِ اللَّهِ حَتَّىٰ يَنفَضُّوا ۗ وَلِلَّهِ خَزَائِنُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلَٰكِنَّ الْمُنَافِقِينَ لَا يَفْقَهُونَ ۝٧

**7. Гьел мунапикъзаби руго жидеца абулел Мадинаялъул ансаразда: «Нужеца напакъа кьоге ва квербакъи гьабуге Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расулгун ﷺ цадахъ ругел асхIабзабазе, гьел гьаб Мадинаялдаса нахъе ине» - абун. Т1адегIанав Аллагьасе буго зобал-ракьазул ханлъи ва хазина.**

Гьеб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарасе кьола. **Кинниги Гьеб амру жидеда бичIчIунарел руго мунапикъзаби.** Гьезда ракIалде кколеб буго жидеца напакъа кьечIони ва квербакъи гьабичIони, Аллагьасул расулги ﷺ гьесул асхIабзабиги гIадада хвела абун.

يَقُولُونَ لَئِن رَّجَعْنَآ إِلَى ٱلْمَدِينَةِ لَيُخْرِجَنَّ ٱلْأَعَزُّ مِنْهَا ٱلْأَذَلَّ ۚ وَلِلَّهِ ٱلْعِزَّةُ وَلِرَسُولِهِۦ وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَلَٰكِنَّ ٱلْمُنَٰفِقِينَ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٨﴾

**8. Гьел мунапикъзабаца жеги абулеб буго: « Ниж гьаб гъазаваталдаса тIад руссун Мадинаялде щвани, гьеб Мадинаялдаса къватIире къотIизе руго жидер къадру бугел гIадамаз жал гIодорегIанал гIадамал»-абун. ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго тIадегIанлъи ва къадру-кIодолъи.**

**Гьединго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ расуласеги, киналго муъминзабазеги буго, тIадегIанлъи ва къадро кIодолъи. Кинниги гьеб иш гьедин букIинги лъалеб гьечIо гьел мунапикъзабада.**

Гьаб микьго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бану-мустIаликъ абулеб къавмалде гъазават гьабулеб мехалъ цо лъим бугеб бакIалда гIадамал тIаде руссун, цоцалъ тунка-гIуси ккана ва цо мугьажиразул чияс ансариясда кьабуна. Цинги гьез ахIи-хIур гьабуна цоцалъ рагъдезе гIагарлъун рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, гьаб щиб жагьилияб ахIи абун гьел гIодоре руссине гьаруна. Гьеб хабар рагIараб мехалъ мунапикъазул бищунго кIудияв ГIабдуллагь ибну Салулица абуна: «Унго гьабунищха мугьажираца гьеб хIалтIи! Валлагьи гьезулги нилъерги мисал буго нилъер умумузул кициялда рекъон: «Дуца гьве кьара гьабе дудего данде багъизе» - абураб. БичасхIаги гьаб гъазаваталдаса Мадинаялде руссани гьел гIодорегIанал МухIаммадги صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьевгун цадахъ ругел мугьажиралги къватIир къотIизе руго жидер къадру бугел Мадинаялъул гIадамаз!» - абун.

Хадубги гьес жиндир къавмалда абуна: «Гьал мугьажирал Мадинаялда чIун руго нужеца гьезие квербакъи гьабулеб букIиналъ. Нужеца квербакъи гьабиги, гьезие напакъа кьейги тани, гьел Мадинаялдаса лъутун ине руго» - абун. Гьеб хабар жинда рагIарав Зайд ибну Аркъам абулев асхIабас гьеб аварагасда صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бицана. Жинца бицараб хабар аварагасде صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ щвараблъи лъараб мехалъ гьев ГIабдуллагь ибну Салул аварагасухъе صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вачIана ва гьа гьедун жинца гьеб хабар бицинчIо абун кIалъана. Жинца Зайд ибну Аркъам гьереси бицунев чилъун гьавуна. Гьеб гъазаваталдаса тIадруссун рачIунеб мехалъ нухда сордо базе чIараб бакIалда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир расуласда صَلَّى ٱللَّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьал аяталги рещтIине гьаруна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ва гьесул асхIабзаби Мадинаялде щвараб мехалъ дов ГIабдуллагь ибну Салулил вас ГIабдуллагь жинца хвалченги бахъун Мадинаялъул рагьдухъ чIана, жинда аскIоса унел

асхIабзабиги рукIана. Жиндир эмен тIаде щвараб мехалъ ГIабдуллагьица абуна: «Нуж нахъе къае! Валлагьи мун Мадинаялде жаниве лъугьине гьечIо дуе Аллагьасул расулас ﷺ изну кьун гурони!» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг тIаде щвараб мехалъ гьес изну кьун Г1абдуллагь ибну Салул Мадинаялде жаниве вiччана.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асхIабас абидал: «Дун гьев мунапикъасул бетIер къотIизе вiччай» - абун, аварагас ﷺ абуна: «ЧIвачIого те гьев! Дие бокьун гьечIо гIадамал кIалъазе аварагас ﷺ жиндирго асхIабзаби чIвалел руго» - абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ибну Салулил вас ГIабдуллагь вачIана ва гьес абуна: «Я расулаллагьи! Дида рагIана дуца дир эмен чIвазехъин вуго абун. Дие изну кье гьесул бетIер босун духъе вачIине. Дида кIвезе гьечIо жинца гьев чIварав чиясда валагьизе» - абун. Аварагас ﷺ абуна: «Нилъеца гьесда гурхIел гьабила ва гьев нилъгун цадахъ вугевгIан мехалъ живго тела» - абун.

Нужеца пикру гьабе, бусурбаби, хирияв аварагасул ﷺ сиясаталъул, гьесул г1акълу камиллъиялъул. Жакъасел бусурбаби кант1изе г1ураб ваг1за буго гьаб хабаралъулъ. Цо-цазул г1айибал ц1ехейги тун бусурбаби цолъизе мех щун гьеч1одай!?

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж машгъул гьаруге нужер магIишаталъ ва лъимал-хъизаналъ Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсеялдаса ва гьесие гIибадат гьабиялдаса. Гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялдаса дунялалъ жал машгъул гьарурал гIадамал руго ахираталда жал чIорого хутIарал гIадамал.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تُلۡهِكُمۡ أَمۡوَٰلُكُمۡ وَلَآ أَوۡلَٰدُكُمۡ عَن ذِكۡرِ ٱللَّهِۚ وَمَن يَفۡعَلۡ ذَٰلِكَ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡخَٰسِرُونَ ٩

**10. Ва нужеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун нужер боцIи-мал садакъаде кье нужеде тIаде хвел бачIинелде цебе. Гьеб хвел бачIараб мехалъ жинца садакъа-хайрат гьабичIев чияс абизе буго: «Я дир бет1ергьан абун. Дун дагьав нахъе вахъун толев анищ хвезе гьавичIого, дица садакъа кьезе ва лъикIаб гIамал гьабулездаса дунги вукIине» - абун.**

وَأَنفِقُواْ مِن مَّا رَزَقۡنَٰكُم مِّن قَبۡلِ أَن يَأۡتِيَ أَحَدَكُمُ ٱلۡمَوۡتُ فَيَقُولَ رَبِّ لَوۡلَآ أَخَّرۡتَنِيٓ إِلَىٰٓ أَجَلٖ قَرِيبٖ فَأَصَّدَّقَ وَأَكُن مِّنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ١٠

**11. Жиндир гIажал тIаде щвараб напс Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нахъе бахъун толаро ва гьеб хвезе гьабула. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб**

وَلَن يُؤَخِّرَ ٱللَّهُ نَفۡسًا إِذَا جَآءَ أَجَلُهَاۚ وَٱللَّهُ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ ١١

**кинабго гIамал ва гьелда рекъараб жазаъ жинца нужее гьабизе бугевги вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Жиндир боцIи-мал бугев чи жив КагIба рукъалде хIеж гьабизе ине гIолеб къадар, цинги жив хIежалде инчIев, гьединго паризаяб закат бахъизе гIураб боцIи-мал бугев, жинца гьеб закатги бахъичIев чи, жив холеб мехалъ гьесул хьул лъола жив хвезе гьавичIого толев анищ гьеб боцIи-малалъул жинда тIад бугеб хIакъ тIубазегIан» - абун.

Цоги гIалимзабаца абуна: инсанас жиндир напсалъул къадру гьабиги, гьев жиндир напсалдаса чIухIиги цого жо гьечIо. Инсанас напсалъул къадру гьабизе ккола, гьеб напс гIодобегIанлъулеб гIамал гьабизе бегьуларо. Ва амма инсан жиндир напсалдаса чIухIизе бегьуларо.

Инсанас напсалъул къадро гьаби буго жинда жиндир напсалъул х1акъикъат лъараб заман. Инсан жиндир напсалдаса ч1ух1и буго гьесда жиндир напсалъул х1акъикъат лъан гут1и. Жинда Аллагь разилъаяв Г1алиасх1абасул вас Х1асанида абуна: «Г1адамаз абулеб буго мун ч1ух1арав, дурго напс к1одо гьабулев чи вуго»-абун. Х1асаница абуна: «Дилъ ч1ух1и гьеч1о, дилъ буго бусурманчиясул къадро буголъи»-абун. Цинги жинца гьаб аятги ц1алана (8 абилеб аят).

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Суратул Мунафикъуналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецщги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 64. Сурату Ттагъа́бун

سُورَةُ التَّغَابُنِ

*Мадинаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб анцIила микьго аят бугеб.*

*Гьаб сурат Мадинаялда рещтIине гьабураб бугониги, гьалда жанир исламияб диналъул аслаби рициналда тIадчIей гьабун буго. ТIадегIанав Аллагьасул къадру кIодолъи бицун хадуб гьев Аллагьасда* جَلَّ جَلَالُهُ *иман лъурал муъминзабазул ва гьесда инкар ккурал капурзабазул сипат бицун буго.*

*Цересел умматазул хабар бицун, жидеца аварагзаби* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *гьereси гьаруpаб мехалъ гьезда рещтIине гьабураб гIазабалъулги бицен гьабун буго.*

*Мушрикаца инкар кколеб бугониги хварал тIаде рахъине гьари ва хIисаб-мизан гьаби хIакъаб жо букIинги баян гьабун буго. Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *тIагIат гIибадат гьабиялдалъун амру гьабигун цадахъ, жиндирго хъизан-лъималазул цо тайпа инсанасул тущбаби рукIин баян гьабулеб буго: гьеб хъизаналъ инсан нахъе чIвала Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *диналъе гIоло гьижра гьабиялдаса ва жигьад гьабиялдаса.*

*Сураталъул ахиралда Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *дин тIадегIан гьабиялъе гIоло напакъа кьеялдалъун амру гьабулеб буго, бахиллъиялдаса цIуне абун нагью гьабулебги буго.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

يُسَبِّحُ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١﴾

**1. Зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ жинца тIадегIанав Аллагьасе тасбихI гьабулеб буго. Гьев Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **буго тIубараб ханлъи ва кинабго рецц**ги**.**

**Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев,** жиндие бокьараб жо гьабизе гьев щибго жоялъ нахъе чIваларо.

هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ فَمِنكُمْ كَافِرٌ وَمِنكُم مُّؤْمِنٌ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٢﴾

**2. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж рижарав. Нужедасан цо къукъа жидеца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъолеб буго. Цогидаб къокъа жидеца Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар кколеб буго.**

**Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда**

**бихьулев ва лъалев.**

خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّ وَصَوَّرَكُمْ
فَأَحْسَنَ صُوَرَكُمْ ۖ وَإِلَيْهِ ٱلْمَصِيرُ ﴿٣﴾

3. **Жинца зобалги ракьги бижарав вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **. Гьеб бижиги гІададисеб жо гьечІо,** гьелъулъ БетІергьанасул хІикматал руго ва гьеб инсанасе дунялалъулги диналъулги амру тІубазе маслахІат бугеб хІалалъ бижун буго. **Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужги рижун руго ва нужер сипат-суратги цІакъ берцинаб гьабун буго. Ахираталда нужер руссинги гьев Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **буго.**

يَعْلَمُ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا
تُسِرُّونَ وَمَا تُعْلِنُونَ ۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ
ٱلصُّدُورِ ﴿٤﴾

4. **ТІадегІанав Аллагьасда лъала зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъалъул ахІвал-хІал, нужеца загьирго гьабулеб ва балъго гьабулеб гІамалги лъала гьев Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **. РакІалда жаниб бугеб пикруги жинда лъалев вуго тІадегІанав Аллагь.** Гьединаб камилаб лъаялъул БетІергьанасе инсанас гьабулеб гІамалалъул щибниги жо балъго хутІуларо ва щивав инсанасе жиндир гІамалалда релълъараб жазаъ гьабизе буго.

أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَبَؤُا۟ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَبْلُ فَذَاقُوا۟
وَبَالَ أَمْرِهِمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٥﴾

5. **Нужехъе бачІинчІищ нужеда цере рукІарал капурал къавмазул хабар. Жидер гІамалалда релълъараб балагь жидеде тІаде бачІарал ва ахираталдаги жидее цІакъ унтизабулеб жужахІалъул гІазаб букІине бугел.**

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُۥ كَانَت تَّأْتِيهِمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ
فَقَالُوٓا۟ أَبَشَرٌ يَهْدُونَنَا فَكَفَرُوا۟ وَتَوَلَّوا۟ ۚ وَّٱسْتَغْنَى
ٱللَّهُ ۚ وَٱللَّهُ غَنِىٌّ حَمِيدٌ ﴿٦﴾

6. **ХІакълъунго гьаб амру гьадин букІиналъе сабаб буго гьел къавмазухъе аварагзаби** عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ **рачІун рукІин Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **рахъалъан баянал гІаламаталгун ва хІужа-далилгун. Гьел къавмаз абуна: «Нижедаго релълъарав чиясищ ниж хІакъаб диналде тІоритІулел?»-абун. Гьез Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккуна, аварагасда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **нахъ рилълъиналдасаги гьел руссун чІана. Цинги Аллагьасги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьездаса гІейи гьабуна:** ва жинца гьел гьалаг гьарун ракьалдаса тІагІине гьаруна. **ХІакълъунго ТІадегІанав Аллагь вуго жив бечедав ва жив щибго жоялда хІажатав гьечІев ва кинабго махлукъаталъ жиндие рецги гьабулев.**

زَعَمَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَن لَّن يُبْعَثُوا۟ ۚ قُلْ بَلَىٰ وَرَبِّى
لَتُبْعَثُنَّ ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلْتُمْ ۚ وَذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ
يَسِيرٌ ﴿٧﴾

7. **Капурзабаца гьереси бицун абулеб буго жал хун хадур тІаде рахъине гьаризе гьечІо абун. Дуца гьезда абе, МухІаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дир БетІергьан**

**Аллагьасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун нуж тIаде рахъине гьаризе руго абун, цинги нужеда бицинеги буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гIамал. Гьеб иш тIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб иш буго.**

Щибго мисал-сурат гьечIеб бакIалдаса гьаб кинабго гIалам бижарав Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ, хун хадув гьев инсан тIаде вахъине гьави ва гьесул хIисаб-мизан гьабун гьесие жазаъ гьаби цIакъго бигьаяб жо буго.

فَـَٔامِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَٱلنُّورِ ٱلَّذِيٓ أَنزَلۡنَاۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعۡمَلُونَ خَبِيرٞ ٨

**8. Нужеца иман лъе ТIадегIанав Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги. Дица гьев МухIаммадида صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ рещтIине гьабураб нурлъун бугеб Къуръаналдаги иман лъе! Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев.**

يَوۡمَ يَجۡمَعُكُمۡ لِيَوۡمِ ٱلۡجَمۡعِۖ ذَٰلِكَ يَوۡمُ ٱلتَّغَابُنِۗ وَمَن يُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ وَيَعۡمَلۡ صَٰلِحٗا يُكَفِّرۡ عَنۡهُ سَيِّـَٔاتِهِۦ وَيُدۡخِلۡهُ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدٗاۚ ذَٰلِكَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡعَظِيمُ ٩

**9. Нужеца ракIалде щвезе гьабе жиндир хIинкъи ва гIазаб кIудияб Къиямасеб къо. Гьеб буго нуж киналго жиндилъ данде гьарулеб ва капурзаби чIорого хутIи загьирлъулеб къо.**

Гьев капурчияс ахиратги бичун дунял босун букIиндал гьесие ахираталда жужахIалъул гIазаб гурони щибго жо букIунаро. Дунялги, бичун ахират босарал муъминзабазе гьенир алжаназул нигIматал рукIуна. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло жидеца рухI бичарал шагьидзабазе тIадегIанал макъамалги рукIуна.

**Жинца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясул Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ мунагьал чурула ва гьев алжаназул ахазукье лъугьине гьавула жидеда жанисан нигIматазул гIорал чвахулел. Даимго гьенир жанир рукIинелъун лъугьине гьарула гьел алжанazде. Гьеб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб бахьи буголъи.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُواْ وَكَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَآ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِ خَٰلِدِينَ فِيهَاۖ وَبِئۡسَ ٱلۡمَصِيرُ ١٠

**10. Жидеца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, дир Къуръанги ва цогидал гIаламаталги жидеца гьереси гьарурал г1адамал руго жужахIалъул бетIергьаби, даимго жал гьенир жанир рукIунел. Ц1акъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жужахI!**

مَآ أَصَابَ مِن مُّصِيبَةٍ إِلَّا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۗ وَمَن يُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ يَهۡدِ قَلۡبَهُۥۚ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٞ ﴿١١﴾

**11. Инсанасде цониги къварилъи щоларо Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун, гьесул хIукму-къадаралдалъун гурони. Жинца Аллагьасда ﷻ иман лъурав чи вуго жинца жиндир ракI лъикIаб ишалда тIобитIулев чи.**

Балагьазда сабру гьабизеги, нигIматазда щукру гьабизеги. Гьесда якъинго лъала жинде щвараб жо жинде щвечIого хутIулареб букIараблъи. Гьединго гьесда лъала жиндие щвечIеб жо жиндие щвезе гьечIеб жо букIинги. Аллагьасул ﷻ хIукму-къадаралъе мутIигIлъун, гьелда разилъун, иманалда жанив хIалхьун ва ракI парахалъун вукIуна хIакъикъияв муъминчи. **ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев.** Гьесда лъала жиндие тIубанго мутIигIал муъминзабиги, жидер иман гьечIел мунапикъзабиги, жинда инкар ккурал капурзабиги.

وَأَطِيعُواْ ٱللَّهَ وَأَطِيعُواْ ٱلرَّسُولَۚ فَإِن تَوَلَّيۡتُمۡ فَإِنَّمَا عَلَىٰ رَسُولِنَا ٱلۡبَلَٰغُ ٱلۡمُبِينُ ﴿١٢﴾

**12. Нуж Аллагьасеги ﷻ гьесул расуласеги мутIигIлъе! Нуж иман лъеялдаса ва мутIигIлъиялдаса руссун чIани, гьелъул къварилъи нужеего букIине буго. Дир аварагасда ﷺ тIадаб жо гьечIо нужехъе баян гьабун хIакъаб дин щвезе гьаби гурони.**

ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلۡيَتَوَكَّلِ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ﴿١٣﴾

**13. Жив цогояв, цоги жинда релълъарав гьечIев вуго нужер БетIергьан Аллагь. Гьев Аллагьасде ﷻ тавакал тIаме абе киналго муъминзабаца.**

Жидеца гIибадатги цохIо Аллагьасе ﷻ гьабе ва жидер хьул лъей ва божилъиги гьев Аллагьасде ﷻ букIа!

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِنَّ مِنۡ أَزۡوَٰجِكُمۡ وَأَوۡلَٰدِكُمۡ عَدُوّٗا لَّكُمۡ فَٱحۡذَرُوهُمۡۚ وَإِن تَعۡفُواْ وَتَصۡفَحُواْ وَتَغۡفِرُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٌ ﴿١٤﴾

**14. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер руччабаздаса ва нужер лъималаздаса нужее тушманзаби рукIуна. Нуж гьезул хIилла-макруялдаса цIуне! Нуж гьездаса тIаса лъугьани, гьез нужее гьабураб къварилъиги кIочон тани ва Аллагьасда ﷻ гьезул мунагьал рахчиги гьарани гьеб нужеего лъикIаб буго. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

Гьел нужер руччабаздаса ва лъималаздасаги Аллагь ﷻ тIаса лъугьина ва гьезда Аллагь ﷻ гурхIила. Нужецаги гьезда гурхIел гьабе ва гьел

хIакъаб исламияб диналде ахIе.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана: Маккаялда ругеб мехалъ жидеца иман лъураб цо къукъа гьижра гьабиялдаса нахъе чIвана гьезул руччабаца ва лъималаз. Гьез абуна: «Нижеца сабру гьабун буго нуж Исламияб диналде иналда, амма нижеца сабру гьабизе гьечIо нужедаса ратIалъун рукIиналда» – абун. Гьел муъминзаби гьижра гьабизе кватIун, хадур Мадинаялде гьел щвараб мехалъ жидеца цебеккун гьижра гьабурал асхIабзаби гьезда ратана жидеда исламияб дин бичIчIаралльун ва аварагасе ﷺ гIемер квербакъи гьабураллъунги. Гьел асхIабзаби пащманлъун, гьезда жидер агьлу-хъизаналъе гIакъуба гьабизе ракIалде ккедал ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна ва гьел жидер агьлу-хъизаналда тIаса лъугьана.

**15. Х1акълъунго нужер боцIи-малги, нужер лъимал-хъизанги буго нужер х1ал бихьиизе кьураб жо, гьелъ нуж Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялдаса машгъул гьаризеги бегьула.**

إِنَّمَآ أَمۡوَٰلُكُمۡ وَأَوۡلَٰدُكُمۡ فِتۡنَةٞۚ وَٱللَّهُ عِندَهُۥٓ أَجۡرٌ عَظِيمٞ ١٥

Гьеб буго Аллагьас ﷻ нужер хIалбихьи гьабиялъе бугеб дунялалъул чIаголъи. Гьелдалъун загьирлъула жиндир иман камилав ва иман загIипав чи. **ТIадегIанав Аллагь вуго жинда аскIоб цIакъ кIудияб ажру-кири бугев.** Гьев Аллагьасул ﷻ ажруялде хьул лъун нужеца дунялалъул чIаголъи рехун те, гьелъ гуккун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе кIочон рукIунге!

**16. Нужер хIалкIвараб хIалалъ нуж Аллагьасе ﷻ мутIигIлъе ва гьесул гIазабалдаса хIинкъа! Нужеда бицунеб жоялдаса вагIзаги босе, нужеда гьабураб амру-нагьюялъеги мутIигIлъе!**

فَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ مَا ٱسۡتَطَعۡتُمۡ وَٱسۡمَعُواْ وَأَطِيعُواْ وَأَنفِقُواْ خَيۡرٗا لِّأَنفُسِكُمۡۗ وَمَن يُوقَ شُحَّ نَفۡسِهِۦ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ١٦

**Ахираталъе батизелъун нужер боцIи-мал напакъадеги кье!** Гьеб лъикIаб нухалда магIишат харж гьаби лъикIаб иш буго. **Жидерго напсалъул бахиллъиялдаса жал цIунарал, гьелъул хъантIи ва сурукълъи жидеца къезе гьабурал гIадамал руго бахьи буголъиялда кверщел батарал гIадамал.**

**17. Нужеца Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун гьесул диналъе квербакъи гьабизе боцIи-мал харж гьабуни, Аллагьас ﷻ нужее гьелде данде**

إِن تُقۡرِضُواْ ٱللَّهَ قَرۡضًا حَسَنٗا يُضَٰعِفۡهُ لَكُمۡ وَيَغۡفِرۡ لَكُمۡۚ وَٱللَّهُ شَكُورٌ حَلِيمٌ ١٧

**гIемерго цIикIкIараб ажру-кири гьабула ва нужер киналго мунагьал чурула.**

**ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндие мутIигIал муъминзабазе щукру гьабулев вуго гьезул лъикIаб гIамалалъул ажру гIемерго цIикIкIине гьабун. Жив гурхIулев, жиндир хIелму бергьаравги вуго.** Гьезул мунагьал гIемерал ругониги жинца гьезие гIакъуба гьабуларев, гьез тавбу гьабизе бокьулев вуго.

عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ﴿١٨﴾

**18. Жинда загьирабги батIинабги жо лъалев,** цебеккун букIараб ва хадубккун букIунебги жо лъалев вуго Аллагь جَلَّجَلَالُهُ.

**Жиндир гуч бергьарав, жиндир гIадлу битIарав, хIикмат кIудиявги вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **.** Жиндир хIукму-къадаралъулъ гIададисеб жо гьечIев, жиндир тадбир камилав, махлукъалъе мунпагIат ва маслахIат бугеб хIукму жинца гьабулевги вуго.

Гьаб сураталъул анцIила ункъабилеб аяталъе тафсир гьабун Ибну ХатIибица берцинаб хабар бицун буго. Гьалъул къокъаб хIасил буго: Т1адегIанав Аллагьас лъималги руччабиги инсанасул тущбабилъун гьарун гьечIо. Гьев инсан Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьабиялдаса машгъуллъун, жиндир лъимал-хъизан бокьун, гьезие бокьараб щинаб жо гьабун хьвадараб мехалъ гьев чи Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ тIагIат-гIибадат гьабиялдаса дагь-дагьккун рикIкIалъула, жиндаго лъачIого лъималазулги руччабазулги мурадал тIуралевлъун ватула. Гьаб хIисабалда балагьидал, гьел лъималги руччабиги гьесие зараралъе сверун ратула. Инсанасе зарал гьабулеб щинаб жо гьесул тущман букIуна.

ХIакъикъаталдайин абуни, лъималги руччабиги руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ инсанасе кьураб нигIмат. Гьеб нигIматалдаса пайда босизе ккола Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъулеб хIалалъ. Жиндир лъимал-хъизанги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ лъалеллъун гьарун, гьезда Исламияб дин лъазе гьабун хьвадизе тIадаб буго муъминчиясда. Гьел лъималазе бокьанщинаб жоги гьабун гьезие дунялалъул чIаголъи гIуцIулев вугони гьев чиясул жиндирго гIумруги гIадада хвараблъун букIуна ва жиндие ахираталда кIалгьикъи ва гIакъубаги букIуна жинца агьлу-хъизан исламияб диналда тIобитIунгутIи сабаблъун.

АнцIила анлъабилеб аяталда абулеб буго: «Нуж Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъа нужер хIалкIвараб хIалалъ» - абун. Гьеб рагIиялъул магIна буго Аллагьасги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласги صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ амру гьабураб жо тIубазе ва гьелда нахърилълъине тIадаб буго хIалкIвараб хIалалъ абураб. Ва

амма Аллагьасги جَلَّ جَلَالُهُ гьесул расуласги гьабуге абун нагью гьабураб, жиб хIарамаблъун ва квешаблъун бихьизе гьабураб жо тIубанго реххун тезе ккола ва рикIкIад гьабизе ккола. Х1арамаб жо теялъе «хIалкIвараб хIалалъ» - абураб рагIи хIалтIизе гьабуларо.

Жинда Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратидаса бицараб хIадисалда буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дица нужеда цо иш гьабе абун амру гьабураб мехалъ нужеца гьеб ишалдаса нужер хIалкIвараб къадар гьабе. Дица цо иш гьабуге абун нагью гьабураб мехалъ гьеб ишалдаса рикIкIалъе, гьелда аскIорего къаге»* - абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату Ттагъáбуналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 65. Сурату Т1алакъ

سُورَةُ الطَّلَاقِ

*Мадинаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб анцIила кIиго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жаниб аслияб хIалалъ бицен гьабун буго рос-лъадиялда гьоркьор рукIунел шаргIиял хIукмабазул: цIар тIами гIадаб, гIиддаялъул масъала, напакъа-сахIалъул ва цогидалги хIукмаби.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1. **Я гьав Бичасул авараг! Нужеца руччабазул цIар т1амураб мехалъ гьеб цIар тIаме гьезул гIиддат байбихьулеб мехалъ.** Гьел хIайизалдаса рацIцIалъараб мехалъ тIаме цIар нуж гьезда аскIор регичIого. **Нужеца гьеб гIиддаялъул заман цIуне ва гьеб камил гьабе.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ إِذَا طَلَّقۡتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَطَلِّقُوهُنَّ
لِعِدَّتِهِنَّ وَأَحۡصُواْ ٱلۡعِدَّةَۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَ رَبَّكُمۡۖ لَا
تُخۡرِجُوهُنَّ مِنۢ بُيُوتِهِنَّ وَلَا يَخۡرُجۡنَ إِلَّآ أَن
يَأۡتِينَ بِفَٰحِشَةٖ مُّبَيِّنَةٖۚ وَتِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِۚ
وَمَن يَتَعَدَّ حُدُودَ ٱللَّهِ فَقَدۡ ظَلَمَ نَفۡسَهُۥۚ لَا تَدۡرِي
لَعَلَّ ٱللَّهَ يُحۡدِثُ بَعۡدَ ذَٰلِكَ أَمۡرٗا ١

Лъабго нухалъ хIайизалдаса яцIцIалъи бихьизегIан буго хIайиз бачIуней чIужуялъул гIиддат. Гьеб гIиддат цIуниялдаса мурад буго кIиго чиясул лъим (мани) жубачIого букIин ва лъимер лъил бугеб мухIканго лъалеб букIин.

**Нуж хIинкъа нужер БетIергьан Аллагьасда гIасилъизе. Нужеца гьел руччаби цIар тIамун гIиддаялда ругеб мехалъ рукъоса къватIире рахьине гьаруге. Гьел руччаби жалгоги къватIире рахъунге жидер рукъоса гIиддат тIубазег1ан. Цо гIаданалъ къабихIаб пиша гьабуни:** гьелъ зина гьабуни, росасул гIагарлъиялда рогьоб бан, рагъ гьабун хьвадани, **гьей гIадан къватIие яхъине гьайила.** Гьелда т1ад Аллагьасул ﷻ х1ад т1убазабизе, яги гьелъул заралалдасан рат1алъизе. **Гьал руго Аллагьасул ﷻ шаргIалъул гIорхъаби. Гьел гIорхъаби жинца хвезе гьарурав чи жинца жиндирго напсалъе зулму гьабурав чи вуго. Дуда лъаларо, я гьав инсан, Аллагьас ﷻ щиб амру хадуб нужее загьир гьабулеб.** Нужер цоцаздехун букIараб рокьукълъи тIаса ине бегьила, ццим бахьиги кIочена, нужее цIидасан рос-лъадилъун рукIине бокьизе бегьула. Гьедин бугелъул гIиддат тIубазегIан шаргIалъ бицараб

хIалалда хьваде.

2. **Гьел жидер цIар тIамурал руччабазул гIиддат тIубазе мех щварабго, гьел руччаби тIадруссине гьаризе бокьани тIадруссине гьаре, ратIа гьаризе бокьани ратIаги гьаре. Гьел тIадруссине гьаруни, гьезулгун гьабулеб яшав лъикI гьабе,** гьезие напакъа-ретIел кье ва берцинаб хIалалъ гьалмагълъи гьабе.

فَإِذَا بَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَأَمْسِكُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ أَوْ
فَارِقُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ وَأَشْهِدُوا ذَوَيْ عَدْلٍ مِّنكُمْ
وَأَقِيمُوا الشَّهَادَةَ لِلَّهِ ذَٰلِكُمْ يُوعَظُ بِهِ مَن كَانَ
يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَمَن يَتَّقِ اللَّهَ
يَجْعَل لَّهُ مَخْرَجًا ﴿٢﴾

**Гьел ратIа гьаруниги гьезие кьезе кколеб жоги кьун, жидее зулму ва къварилъи гьабичIого ратIа гьаре.**

**Руччаби тIадруссине гьаруниги, ратIа гьарулел ругониги кIиго гIадилав нугIги вукIине гьаве нужеца гьабураб хIукму гьезда лъан букIине ва хадуб дагIба-къец ккечIого букIине.** Гьел нугIзал рукIин суннатаб буго. Цо гIалимзабаца абуна чIужу тIад юссине гьаюлей йигони кIиго нугI вукIин тIадаб буго абун. **Гьел нугIзаллъун ругел гIадамаз нугIлъи гьабе Аллагь جل جلاله разилъи тIалаб гьабун.** БитIараб хIалалъ гьабе нугIлъи ва гьеб нугIлъи гьабизе жал ахIараб мехалъ нугIлъи гьабизеги а!

**Гьаб вагIза буго жинца Аллагьасдаги جل جلاله ахираталдаги иман лъурав чиясе гьабулеб бугеб. Жиндир киналго хIалазулъ Аллагьасул جل جلاله гIазабалдаса хIинкъун хьвадулев чиясе Аллагьас جل جلاله гьесул амру бигьа гьабула, гьесда Аллагьас جل جلاله жинца кинабго къварилъи, пащманлъи тIаса ине гьабулеб нухги бихьизе гьабула.**

3. **Жиндида ракIалдаго гьечIеб рахъалъан Аллагьас جل جلاله гьесие хIалалаб ризкъиги кьола. Аллагь جل جلاله жинца гIейи гьабулев вуго жинда тавакал тIамурав чиясе. Х1акълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир хIукму ва амру кинабго махлукъалда тIад бугев ва гьеб хIукму жиндие бокьараб хIалалъ жинца тIубазе гьабулев.**

وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ وَمَن يَتَوَكَّلْ عَلَى
اللَّهِ فَهُوَ حَسْبُهُ إِنَّ اللَّهَ بَالِغُ أَمْرِهِ قَدْ
جَعَلَ اللَّهُ لِكُلِّ شَيْءٍ قَدْرًا ﴿٣﴾

**Аллагьас جل جلاله щибаб жоялъе гIорхъи ва къадар чIезе гьабун буго.** Инсанасде тIаде къварилъи бачIаниги, гIатIилъи бачIаниги гьеб даимаблъун букIунаро.

4. **Жидер хIайиз бачIиналдаса хьул къот1арал руччаби ва жидеде хIайз бачIунарел руччабиги лъабго моцIалъ**

وَاللَّائِي يَئِسْنَ مِنَ الْمَحِيضِ مِن
نِّسَائِكُمْ إِنِ ارْتَبْتُمْ فَعِدَّتُهُنَّ ثَلَاثَةُ

أَشْهُرٍ وَٱلَّـٰٓـِٔي لَمْ يَحِضْنَ ۚ وَأُو۟لَـٰتُ ٱلْأَحْمَالِ
أَجَلُهُنَّ أَن يَضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۚ وَمَن يَتَّقِ
ٱللَّهَ يَجْعَل لَّهُۥ مِنْ أَمْرِهِۦ يُسْرًا ﴿٤﴾

**рукIина гIиддаялда.** ХIайз бачIиналдаса хьул къотIарал руччаби руго херлъун хIайз бачIиналъ тарал. ХIайз бачIунарел руго жал гьитIинал рукIун хIайз бачIине мех щвечIел. Гьел руччабазе гIиддат гьабулеб заман лъабго моцI гьабун буго. **ЦIар тIамурал руччаби къинал ругони гьезул гIиддат букIуна лъимер гьабизегIан. Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарав ва жинца шаргIиял гIорхъаби цIунарав чиясе Аллагьас ﷻ гьесул амру бигьа гьабула ва гьесие лъикIаб гIамал гьабизе квербакъиги гьабула.**

ذَٰلِكَ أَمْرُ ٱللَّهِ أَنزَلَهُۥٓ إِلَيْكُمْ ۚ وَمَن يَتَّقِ ٱللَّهَ
يُكَفِّرْ عَنْهُ سَيِّـَٔاتِهِۦ وَيُعْظِمْ لَهُۥٓ أَجْرًا ﴿٥﴾

**5. Гьаб цебехун бицараб цIар тIамиялъул ва гIиддаялъул хIукму буго Аллагьас ﷻ нужеда рещтIине гьабураб шаргIалъул хIукму.**
**Аллагьасдасаги ﷻ хIинкъун жинца гьаб хIукму тIубазе гьабулев чиясул Аллагьас ﷻ мунагьал чурула ва гьесул даража-макъамги тIадегIан гьабула.**

أَسْكِنُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ سَكَنتُم مِّن وُجْدِكُمْ وَلَا
تُضَآرُّوهُنَّ لِتُضَيِّقُوا۟ عَلَيْهِنَّ ۚ وَإِن كُنَّ أُو۟لَـٰتِ حَمْلٍ
فَأَنفِقُوا۟ عَلَيْهِنَّ حَتَّىٰ يَضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۚ فَإِنْ أَرْضَعْنَ
لَكُمْ فَـَٔاتُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ ۖ وَأْتَمِرُوا۟ بَيْنَكُم
بِمَعْرُوفٍ ۖ وَإِن تَعَاسَرْتُمْ فَسَتُرْضِعُ لَهُۥٓ أُخْرَىٰ ﴿٦﴾

**6. Нужеца гьел руччаби жанир чIезе гьаре нужго жанир чIарал, нужер рес-махIалалда рекъарал рукъзабахъ. Нужеца гьел руччабазе къварилъиги гьабуге напакъа-сахIалъул ва рукъалъул рахъалъан, гьел жидее напакъа тIалаб гьабун къватIире рахъине кколеб хIалалъ, яги гьез нужедаса ратIалъи тIалаб гьабулеб хIалалъ. Гьел цIар тIамурал руччаби къинал ругони гьезие напакъа кье жидеца лъимер гьабизегIан.**

**Лъимер гьабун хадубги жидеца гьеб лъимер хахизе гьабулеб бугони ва гьелъул тIалаб гьабулеб бугони, гьел руччабазе ужра-мухьги кье. Нужеда гьоркьоб гьабулеб хурхенги шаргIалда рекъараб, жинда жаниб лъикIлъи ва маслахIат бугеб хIалалъ гьабе.**

Эбелалъ лъимер хахизе гьабе жинца ужра тIалаб гьабичIого. Инсуца гьей эбелалъе мухьги кье гьелъ тIалаб гьабулеб гьечIониги. Гьаб буго цоцадехун гьабулеб шаргIалде ракъараб берцинаб гIамал. **Гьал кIиялго цоцада рекъечIони, инсуца жиндир лъимер хахизе гьабизе ва гьелъул тIалаб гьабизе цоги чIужугIадан ижараде ккве!** Цоги гIадан щолей гьечIони, яги лъимералъ гьелъул керен хахулеб гьечIони,

цинги гьей эбелалда тIадаб буго жиндир лъимер хахизе гьабизе ва инсудаги тIадаб буго гьелъие гIадаталда рекъараб мухь кьезе.

لِيُنفِقْ ذُو سَعَةٍ مِّن سَعَتِهِۦ ۖ وَمَن قُدِرَ عَلَيْهِ رِزْقُهُۥ فَلْيُنفِقْ مِمَّآ ءَاتَىٰهُ ٱللَّهُ ۚ لَا يُكَلِّفُ ٱللَّهُ نَفْسًا إِلَّا مَآ ءَاتَىٰهَا ۚ سَيَجْعَلُ ٱللَّهُ بَعْدَ عُسْرٍ يُسْرًا ﴿٧﴾

**7. Жиндир бечелъи ва рес-махI бугев чияс гьелда релълъараб кье чIужуялъе кьолеб напакъа ва ретIел. Мискинав чияс Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие кьураб ризкъиялда релълъараб напакъа кье жиндир чIужуялъеги. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цониги напсалда хIал гьабуларо жиндир рес рекъараб жоялдалъун гурони. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ захIмалъиялда хадуб гIатIилъиги гьабула.**

Гьев росс мискинав вугони чIужуялъ сабру гьабизе ккела ва Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ жидее ризкъи тIалаб гьабун, гьев разияб гIамал гьабун, сабру гьабун рукIине ккела.

Гьал аятазда жаниб ТIадегIанав Аллагьас бицунеб буго цIар тIамиялда ва гIиддат тIубазе гьабиялда хурхараб хIукму. ЦIар тIами шаргIалда жаниб какараб жо буго ва цIакъго хIал рекъечIого, хъизан-рукъалъул гIадлу-низам лъугьунарого букIун гурони цIар тIамизе ва ригьин биххизе бегьуларо.

ЦIар тIамиялде амру ккараб мехалъ гьелъулги кIиго батIияб къагIида буго: суннатаб къагIида буго лъабабго цIар цадахъ тIамичIого тей. Цо цIарги тIамун чIужу жийго тела ва гьелъул гIиддат тIубазе мех гIагарлъидал гьел кIияздаго рекъон лъикIилан ккани, росас «Дун дир чIужуялде вуссана, дица гьей дидеги юссине гьаюна» – абила ва гьел цереккун рукIараб хIалалъ рос-лъадилъун рукIуна. Гьедин тIад руссине гьезие бокьичIони, гIиддат тIубараб мехалъ гьей чIужуялъул ихтияр букIуна цоги росасе ине. ГIидда тIубан хадубги гьел кIиязего тIад руссине бокьани, гьез цIидаса магьари лъезе ккола. Цо, яги кIиго цIар тIамун ятIалъарай цоги росасе инчIого жиндирго росасе ине бегьула цIидасан шаргIалда рекъон магьариги лъун.

Лъабго цIар цадахъго тIамун, яги цо-цо ккун тIамун лъабго цIар тIамурай чIужу гьев росасе ине бегьуларо цоги росасе ун, гьевгун йегун, гьес нахъе йиччан хадуб гурони. Гьев цогидав росасе инги, гьес нахъе йиччайги букIине ккола жидерго напсазе бокьун, хIоло гьаби мурадалда гьечIого – хIоло гьаби хIарамаб жо буго. Цо-цо гIалимзабаца абуна гьеб хIоло гьабун гьей чIужу дов жиндир цевесев росасе ине нух щоларо абун. Гьединаб, шаргIалда хIарам гьабураб, ишалде ккунгутIиялъе гIоло суннатаб нух буго чIужуялъул лъабго цIар тIамичIого цо яги кIиго цIар тIамун тей. Лъабабго цIар цадахъго тIами шаргIалда рихараб жо буго. Гьедин бугониги лъабго цIар цо

нухалъ тIамураб мехалъ гьей чIужу гьесдаса тIубанго ятIалъула абун буго г1емерисел гIалимзаби жинда рекъараб хIукму. ГIалимзабазул цо къукъа буго лъабабго цIар цадахъ тIамураб мехалъ цо цIар гурони унарин абулебги.

ГIиддат абулеб жо буго росасдаса ятIалъарай чIужу къинай йигодай абун гьелъул хIукму баянлъизегIан гьей чIужу цоги росасе инчIого чIезе бихьизе гьабураб замана. Магьариги лъун гьел рос-лъади цоцаде аскIореги къачIого халватги гьабич1ого цIар тIамураб мехалъ гьаб гIиддат букIунаро.

ГIиддаялъул замангиункъо батIияб буго:

**1.** Росасдаса ятIалъарай гIадан хIайз бачIине мех щвечIей гьитIинай йигони, яги херлъун хIайз бачIунарей лъугьун йигони, гьезул гIиддат буго лъабго моцIалъ сабру гьаби ва цоги росасе иналъул хабар бицунгутIи. Берцинаб ретIел ретIун, гьуинал махIал гьарун рукъоса къватIие яхъунгутIиги.

**2.** Гьей гIадан хIайз бачIуней йигони, гьелъул цIар тIамиялъул суннатаб къагIида буго хIайзалдаса яцIцIалъараб мехалъ гьелда аскIове къачIого росас цо цIар тIами. Гьедин цIар тIамурай гIаданалъ лъабабилеб яцIцIалъи бихьизегIан сабру гьабила: ай кIиго нухалъ хIайз бачIун яцIцIалъараб гIуж буго гьелъие лъабабилеб рацIцIалъи бихьулеб гIуж.

**3.** Жиндир цIар тIамурай чIужу къинай йигони, гьелъул гIиддат букIуна жинца лъимер гьабизегIан. Ц1ар тIамурабго къоялъ гьелъ лъимер гьабуни, гьей гIиддат тIубарай йикIуна. ИчIго моцIалъ лъимер чохьониб бугониги, гьей гIиддаялда йигей йикIуна.

**4.** Рос хун цIар ккарай (арай) чIужуялъ сабру гьабула ункъо моцIги анцIго къоялъги. Гьей чIужу къинай йигони ва лъимер ункъо моцIги анцIо къоги инчIого гьабуни, гьелъул гIиддат тIубаларо ва гьелъ сабру гьабула гьеб заман инегIан. Гьей къинай йикIун гьелъ ункъо моцIги анцIго къоги бараб мехальги лъимер гьабичIони гьелъул гIидда букIуна жинца лъимер гьабизегIан. Гьал цIар тIамиялда ва гIиддаялда хурхарал шаргIиял хIукумаби руго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир лагъзадерил маслигIат цIунун гьарурал хIукмаби. Гьалда релълъун руго цогидал киналго хIукмабиги. Гьаб амру гьадин бугелъул бусурбабазда тIадаб буго кинабго хIалалъулъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIукмуялда нахърилълъин ва гьеб хIукму ракI разилъун жидеца къабул гьабиги.

**8. ГIемерал росаби руго жидер агьлуялъ Аллагьасдеги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расуласдеги гIасилъи гьабурал, цинги**

وَكَأَيِّن مِّن قَرْيَةٍ عَتَتْ عَنْ أَمْرِ رَبِّهَا وَرُسُلِهِۦ
فَحَاسَبْنَٰهَا حِسَابًا شَدِيدًا وَعَذَّبْنَٰهَا عَذَابًا نُّكْرًا ٨

**дица цIакъ квешаб хIалалъ хIисаб гьабурал ва жидее цIакъ гучаб гIазабги гьабурал.**

فَذَاقَتْ وَبَالَ أَمْرِهَا وَكَانَ عَٰقِبَةُ أَمْرِهَا خُسْرًا ﴿٩﴾

**9. Гьез чIамана жидер квешаб гIамалалъул жазаъ ва ахираталдаги гьел гIадамал руго жал чIорого хутIарал, жидер руссунеб бакI жужахIалъул цIа бугел.**

أَعَدَّ ٱللَّهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ يَٰٓأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ قَدْ أَنزَلَ ٱللَّهُ إِلَيْكُمْ ذِكْرًا ﴿١٠﴾

**10. ЖужахIалда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие хIадурун буго цIакъ гучаб гIазаб. Нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъа, я гьал иман лъурал, ва нужее Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIакълу-лъайги кьурал г1адамал! Х1акълъунго Аллагьас нужеда гьаб хирияб Къуръанги рещтIине гьабун буго нужеца гьалда гIамал гьабизе.**

رَّسُولًا يَتْلُوا۟ عَلَيْكُمْ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ مُبَيِّنَٰتٍ لِّيُخْرِجَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ وَمَن يُؤْمِنۢ بِٱللَّهِ وَيَعْمَلْ صَٰلِحًا يُدْخِلْهُ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا قَدْ أَحْسَنَ ٱللَّهُ لَهُۥ رِزْقًا ﴿١١﴾

**11. Жинца нужее гьеб Къуръаналъул аятал цIалулев ва гьел нужее баян гьарулев расулги витIун вуго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун, гьесул расуласда нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал куфруялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рачине. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал ахираталдаги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ алжаназда жанир лъугьине гьарула. Жидер ахакьан нигIматазул гIорал чвахулел, жидеда жанир гьел муъминзаби даимгоги рукIунел. Х1акълъунго гьеб алжаналда жаниб тIадегIанав Аллагьас гьев муъминчиясе цIакъ берцинаб ризкъи хIадурун буго.**

ٱللَّهُ ٱلَّذِى خَلَقَ سَبْعَ سَمَٰوَٰتٍ وَمِنَ ٱلْأَرْضِ مِثْلَهُنَّ يَتَنَزَّلُ ٱلْأَمْرُ بَيْنَهُنَّ لِتَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ وَأَنَّ ٱللَّهَ قَدْ أَحَاطَ بِكُلِّ شَىْءٍ عِلْمًۢا ﴿١٢﴾

**12. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер БетIергьан: жинца анкьалго зобал рижарав ва гьездаго релъараб ракьги бижарав.** Анкьго батIияб ракьги бижана абураб магIна гьабуна цо гIалимзабаца. Цогидаз абуна ракь цо бижана жиндир бижин ва батизе гьаби зобал рижиналда релълъараб абун. **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир амру гьел зобал-ракьалда гьоркьоб рещтIине гьабула ва гьесул хIукму-къадар гьениб билълъуна. Х1акълъунго гьаб кинабго махлукъ бижун буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ, инсанасда лъазе**

**гьеб бижарав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жиндир кинабго жоялда хIалкIолев вукIин. Ва нужеда лъазе ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вук1ин жиндир гIелму-лъаялдалъун ва хIукму-къадаралдалъун кинабго махлукъалда жинца сверун лъугьин гьабурав ва гьелъул тадбир мухIканго гьабулевги.**

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Сурату ТIалакъалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 66. Сурату ТтахIрим

سُورَةُ التَّحْرِيمِ

*Мадинаялда рещтIине гьабураб, жинда жаниб анцIила кIиго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жанибги шаргIиял масъалаби рицунел руго. ТIубарабго сурат Аллагьасул свлаат салам лъеяв аварагасул ва гьесул руччабазул бицунеб буго абун абизе бегьула. Гьаб сурат рещтIине гьабиялъе сабаб бицун кIиго батIияб хIукму буго гIалимзабазул:*

*1) Имам КъуртIубияс бицана: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир руччабазе гIадилаб хIалалъ сордо бикьулеб букIана. Жинда Аллагь разилъаяй ХIапсатихъе авараг ﷺ вугеб сордоялъ гьелъ гьарана жий эбел-инсухъе зияраталъ йиччай абун. ХIапсат эбел-инсухъе араб мехалъ аварагас ﷺ къибтIияй Марият ахIана ХIапсатил рукъое. Цинги Х1апсат тIадюссун ячIараб мехалъ ва жиндир рукъой Марият ятараб мехалъ гьей Х1апсатил цIакъ ццим бахъана ва гьей щакдарана. Гьелъ абуна: «Дуца гьей дир рукъое ячун йиго ва дир бусада мун гьейгун цадахъ вегун вуго! Дуца гьаб жо гьабиялъе тIокIаб сабаб гьечIо дуда дун хIакъирлъун йихьи гуреб!» - абун.*

*Гьей ХIапсат рази гьайизе бокьун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дица гьай Марият дие хIарам гьаюна. Дуца гьаб хабар цоги щивго чиясда бицунге» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул аравго ХIапсатица жиндаги ГIайшатидаги гьоркьоб бугеб къедги бухун, ГIайшатида гьеб хабар бицана, цинги гьеб цогидал руччабаздаги лъана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул гьеб ишалъ ццим бахъине гьабуна ва гьес къасд гьабуна жиндир руччабазул рукъзабахъе инаро абун ва моцIалъ жинца гьел киналго рикIкIад гьарун тела абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб сураталъул авалалда ругел аятал рещтIине гьаруна» - абун.*

*2) АтIабарияс бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагжинда Аллагь разилъаяй Зайнабиде аскIов вугеб мехалъ гьес Зайнабица кьураб гьоцIо гьекъолеб букIана. Гьеб иш рихун ХIапсат ва ГIайшат кIияйго рекъана жидеца аварагасда ﷺ абизе: «Дудаса квешаб махI буго» - абун.*

*Цинги хирияв аварагﷺ Х1апсатида аскIове индалго гьелъ*

*абуна: «Дудаса цо квешаб махI буго»-абун. Хадуб ГIайшатицаги абуна гьебго рагIи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе цIакъ бокьулеб букIинчIо жиндаса инсанасе бокьулареб махI букIине ва гьес гьа гьедун абуна: «Дица махI квешаб жо кваначIо, дица гьоцIо гьекъон букIана, тIокIаб дица гьеб гьоцIо гьекъеларо» - абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна» – абун.*

*ГIемерисел гIалимзаби жинда рекъараб рагIи буго имам КъуртIубияс бицараб рагIи.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ لِمَ تُحَرِّمُ مَآ أَحَلَّ ٱللَّهُ لَكَۖ تَبۡتَغِي مَرۡضَاتَ أَزۡوَٰجِكَۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ١

**1. Я гьав Бичасул авараг! Дуца щай хIарам гьабулеб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе хIалалаблъун гьабураб жо! Гьеб иш дуца гьабулеб буго дур руччабазул цоял разилъи тIалаб гьабун.**

Гьеб иш дуца гьабуге, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе хIалал гьабураб гьоцIоги, дур гъарабаш Мариятги дуца хIарам гьаруге. **ТIадегIанав Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев вуго.** Дуда Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIайиб гьабулеб буго дурго напсалъе къварилъи гьабуна абун.

Тафсир гьабурав цо гIалимчияс гьаб бакIалда жиб бицинего рекъолареб магIна гьабун буго ва гьес абулеб буго: «Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIалал гьабураб жо хIарам гьабуна»-абун. Гьаб буго аварагзабазде عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ абизе бегьулареб рагIи. Гьел руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ халкъалда тIаса рищун, гьезда дин лъазе гьабизе ритIарал гIадамал. Гьез абурабги, гьабурабги кинабго гIамал жидер умматалъе нухлъун букIуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьоцIо гьекъезе хIарамаб буго абун абичIо, яги Марият жиндие хIарамай йиго абичIо. Гьес жиндирго напс нахъе чIвана гьезда аскIове къаялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда чIвараб гIайибги гьев хира гьавулеб, гьесул къадру кIодо гьабулеб буго. Гьесде абулеб буго: «Дуца дурго напсалъе къварилъи гьабуге гьел руччаби разилъи тIалаб гьабулевлъун вукIун»-абун.

قَدۡ فَرَضَ ٱللَّهُ لَكُمۡ تَحِلَّةَ أَيۡمَٰنِكُمۡۚ وَٱللَّهُ مَوۡلَىٰكُمۡۖ وَهُوَ ٱلۡعَلِيمُ ٱلۡحَكِيمُ ٢

**2. Х1акълъунго Т1адег1анав Аллагьас нужее изну кьун буго нужеца гьедараб гьа хвезе гьабизе,** гьеб хвезе гьабиялда жаниб цо маслахIат бугеб мехалъ.

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго нужер киналго умуразул Вали ва БетIергьан.**

**Гьев Аллагь ﷻ вуго жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадлу битIарав, хIикмат гъваридав ва жиндир хIукмуялъул лагъзадерие ругел маслахIатал жинда лъалев.**

وَإِذْ أَسَرَّ ٱلنَّبِيُّ إِلَىٰ بَعْضِ أَزْوَٰجِهِۦ حَدِيثًا فَلَمَّا نَبَّأَتْ بِهِۦ وَأَظْهَرَهُ ٱللَّهُ عَلَيْهِ عَرَّفَ بَعْضَهُۥ وَأَعْرَضَ عَنۢ بَعْضٍ ۖ فَلَمَّا نَبَّأَهَا بِهِۦ قَالَتْ مَنْ أَنۢبَأَكَ هَٰذَا ۖ قَالَ نَبَّأَنِىَ ٱلْعَلِيمُ ٱلْخَبِيرُ ﴿٣﴾

3. **Дуца рехсе, я гьав муъминчи, Аллагьасул расулас ﷺ жиндир руччабазул цоялда балъгояб хабар бицараб гIуж ва гьелда амруги гьабураб гьеб хабар лъидаго бицунге абун.** Гьей йиго ХIапсат, Мариятил хабар лъидаго бицунге абун жинда амру гьабурай.

**Цинги гьелъ гьеб хабар къватIиб бициндал ва Аллагьас ﷻ жиндир расуласда ﷺ гьебги лъазе гьабидал, гьев расулас ﷺ Х1апсатида гьеб хабаралъул цо бутIа жинда лъараблъи бицана: кинабго балъголъи бицун гьелда бадибчIвай гьабич1ого тана. Гьеб хабар жинда бицараб мехалъ Х1апсатица абуна: «Дуда гьаб хабар лъица бицараб»-бун. Аллагьасул расулас ﷺ абуна: «Дида гьеб лъазе гьабуна жинда кинабго жо лъалев Аллагьас ﷻ» - абун.**

إِن تَتُوبَآ إِلَى ٱللَّهِ فَقَدْ صَغَتْ قُلُوبُكُمَا ۖ وَإِن تَظَٰهَرَا عَلَيْهِ فَإِنَّ ٱللَّهَ هُوَ مَوْلَىٰهُ وَجِبْرِيلُ وَصَٰلِحُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۖ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ بَعْدَ ذَٰلِكَ ظَهِيرٌ ﴿٤﴾

4. Хадубги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «**Нуж кIиялъго тавбу гьабуни нужее гьеб лъикIаб буго. Х1акълъунго нужер ракIал дагьалго согIлъун рихьулел руго дида»-абун.** Гьей кIияйго йиго Х1апсатги Г1айшатги. **Нагагь гьей кIияйго аварагасде ﷺ данде рахъани, гьев аварагасе ﷺ жинца квербакъулев гьесул БетIергьан Аллагь вуго, хадуб Жабраил малаик вуго, хадур лъикIал муъминзабиги руго.**

Абубакр ва ГIумар руго: ХIапсатилги ГIайшатилги умумул. **Гьезда хадур малаикзбаги руго жидеца аварагасе ﷺ квербакъи гьабулел» – абун.**

عَسَىٰ رَبُّهُۥٓ إِن طَلَّقَكُنَّ أَن يُبْدِلَهُۥٓ أَزْوَٰجًا خَيْرًا مِّنكُنَّ مُسْلِمَٰتٍ مُّؤْمِنَٰتٍ قَٰنِتَٰتٍ تَٰٓئِبَٰتٍ عَٰبِدَٰتٍ سَٰٓئِحَٰتٍ ثَيِّبَٰتٍ وَأَبْكَارًا ﴿٥﴾

5. **Хирияв аварагас ﷺ нужер ц1ар т1амуни гьесул Бет1ергьан Аллагьас жиндир аварагасе ﷺ нужедасанги лъик1ал руччаби кьезе руго, жал Аллагьасе ﷻ мутIигIал, жидеца Аллагьасдаги ﷻ ахираталдаги иман лъолел, жидеда**

**гьабураб амру тIубазе жал мукIурал ва лебалал,**
**жидеца мунагьаздаса тавбу гьабулел, жидеца Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **гIибадатги гIемер гьабулел, Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **ва гьесул расуласе** صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ **гIоло жидеца гьижраги гьабулел.** Жидеца кIал кколел абураб магIнаги гьабуна гьаб рагIиялъе. **Жал россабаз нахъе риччарал, ва жал жеги россабазе инчIел ясал.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ قُوٓاْ أَنفُسَكُمۡ وَأَهۡلِيكُمۡ نَارٗا وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلۡحِجَارَةُ عَلَيۡهَا مَلَٰٓئِكَةٌ غِلَاظٞ شِدَادٞ لَّا يَعۡصُونَ ٱللَّهَ مَآ أَمَرَهُمۡ وَيَفۡعَلُونَ مَا يُؤۡمَرُونَ ٦

**6. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужерго напс цIуне ва нужер агьлу-хъизанги цIуне жужахIалъул цIаялдаса: Гьеб цIа бакулеб жо ганчIал ва гIадамазул чурхдул ругеб. Гьеб жужахI хьихьун цIакъ гучал, жидер ццим бахъунел малаикзаби ругеб.**
**Гьел малаикзаби Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруялъе гIасилъуларо ва гьез жидеда амру гьабураб жо цIакъ хехго ва мухIканго тIубазе гьабула.** Гьеб жужахIалдаса цIуни букIуна жидецаго Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъун гьесие тIагIат-гIибадат гьабиялдалъун ва жиндир агьлу-хъизаналдаги гьеб жо лъазе гьабун ва гьеб гьабе абун амру гьабун.
Ахираталда капурзабаздехун абула:

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَا تَعۡتَذِرُواْ ٱلۡيَوۡمَۖ إِنَّمَا تُجۡزَوۡنَ مَا كُنتُمۡ تَعۡمَلُونَ ٧

**7. Я гьал капурал гIадамал! Жакъа нужеца кинабгIаги гIузру бачунге! ХIакълъунго Гьаб нужее гьабулеб жужахIалъул гIазаб буго нужеца дунялалда гьабураб гIамалалде данде гьабулеб жазаъ!**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ تُوبُوٓاْ إِلَى ٱللَّهِ تَوۡبَةٗ نَّصُوحًا عَسَىٰ رَبُّكُمۡ أَن يُكَفِّرَ عَنكُمۡ سَيِّـَٔاتِكُمۡ وَيُدۡخِلَكُمۡ جَنَّٰتٖ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُ يَوۡمَ لَا يُخۡزِي ٱللَّهُ ٱلنَّبِيَّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَعَهُۥۖ نُورُهُمۡ يَسۡعَىٰ بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَبِأَيۡمَٰنِهِمۡ يَقُولُونَ رَبَّنَآ أَتۡمِمۡ لَنَا نُورَنَا وَٱغۡفِرۡ لَنَآۖ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ٨

**8. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж кинацаго Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **руссун ритIухьаб тавбу гьабе! Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужер мунагьал чуризе руго, нужги алжаназул ахазукье лъугьине гьаризе руго, жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел. Гьеб къо буго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жиндир расулги, гьеседа иман лъурал муъминзабиги гIадада хвезаруларeб, гьел нечезе гьаруларeб къо.** Капураб, пасикъаб къавмалда цебе гIазаб гьабичIого Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ муъминзаби тIаса лъугьун тола.

**Гьел муъминзабазда цебеги, кваранисанги хьвадулеб иманалъул нур букIуна. Гьеб къоялъ Аллагьас ﷻ жидее гьабураб жазаалдаса рохун муъминзабаца абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижее гьаб нур тIубазе гьабе, нижедаса гьеб кидаго тIаса босуге, дуца нижер киналго мунагьалги чуре! ХIакълъунго Мун вуго, Аллагь ﷻ, кинабниги жоялда дур хIалкIолев!» - абун.**

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ جَٰهِدِ ٱلۡكُفَّارَ وَٱلۡمُنَٰفِقِينَ وَٱغۡلُظۡ عَلَيۡهِمۡۚ وَمَأۡوَىٰهُمۡ جَهَنَّمُۖ وَبِئۡسَ ٱلۡمَصِيرُ ٩

**9. Я гьав Бичасул авараг! Дуца капурзабаздаги мунапикъзабаздаги жигьад гьабе! Дуца гьезда данде цIакъаб гуч ва ццин бахъинги загьир гьабе. Гьезул ахираталда руссунеб бакI жагьаннама буго ва цIакъ квешаб руссунеб бакIги буго гьеб.**

ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلٗا لِّلَّذِينَ كَفَرُواْ ٱمۡرَأَتَ نُوحٖ وَٱمۡرَأَتَ لُوطٖۖ كَانَتَا تَحۡتَ عَبۡدَيۡنِ مِنۡ عِبَادِنَا صَٰلِحَيۡنِ فَخَانَتَاهُمَا فَلَمۡ يُغۡنِيَا عَنۡهُمَا مِنَ ٱللَّهِ شَيۡـٔٗا وَقِيلَ ٱدۡخُلَا ٱلنَّارَ مَعَ ٱلدَّٰخِلِينَ ١٠

**10. ТIадегIанав Аллагьас мисал бачана капурал гIадамазул хIал баян гьабун. НухI аварагасул عليه السلام ва ЛутI аварагасул عليه السلام чIужуялъул. Гьай кIияйго чIужу йикIана Дир лъикIал лагъзадерил руччабилъун.**

Щибаб умматалъул авараг гьеб умматалъул бищунго лъикIал ва бищунго Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабулел рукIунелъул абуна «Дир лъикIал лагъзадерил руччабилъун»-абун. **Гьей кIиялъго жидер росабазе хиянат гьабуна:** гьез иман лъечIо ва куфру-ширкалъул гIадамаздехун жидеца гьудуллъи гьабулел рукIана. **Гьей кIияйго капурай чIужуялъе щибго кумек гьабичIо НухIица ва ЛутIица гьел жужахIалде лъугьине гьарулеб мехалъ ва гьей кIиялдаго ахираталда абула: «Нуж жужахIалде жанире лъугьа цогидаб жужахIалъул агьлугун цадахъ» - абун.**

Гьеб мисал бачун тIадегIанав Аллагьас баян гьабулеб буго щивав чиясе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ букIине букIин ва кигIанго лъикIал муъминзабазда ва аварагзабазда عليهم السلام кIоларо гьел гIазабалдаса хвасар гьаризе. Куфруги иманги кIиго батIияб дин буго. Гьеб диналъул аслуялъулъго хилиплъарал капурал гIадамазе жидер г1агарал г1адамал лъик1ал рук1иналдалъун ахираталда щибго кверабакъи букIунаро.

وَضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلٗا لِّلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱمۡرَأَتَ فِرۡعَوۡنَ إِذۡ قَالَتۡ رَبِّ ٱبۡنِ لِي عِندَكَ بَيۡتٗا فِي ٱلۡجَنَّةِ وَنَجِّنِي مِن فِرۡعَوۡنَ وَعَمَلِهِۦ وَنَجِّنِي مِنَ ٱلۡقَوۡمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ١١

**11. Жидеца иман лъурал гIадамазул мисал бачун тIадегIанав Аллагьас ПиргIавнил чIужу Асият рехсана. Гьей Асиятица абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дие алжаналда жаниб Дуда аскIоб рукъ бае дун гьений**

**жаний йикIине ва Дуца дун хвасарги гьае ПиргIавнил квешаб гIамалалдаса, гьесул куфру-ширкалъул заралалдаса ва Дуца дун хвасар гьае жиб залимаб ва капураб къавмалдаса»абун.**

Гьай Асият гIакълу камилай йикIиналъул гIаламат буго гьелъ жиндие лъикIаб ахират гьарулеб мехалъ Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб бакI гьарулеб буго. Цогиги гьаб кIиго аяталдаса босизе кколеб гIакълу буго: жив Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абун чIарав пиргIавнида кIвечIо Асиятил иман биххизабизе. Жал аварагзабилъун ругел НухIида ва ЛутIидаги кIвечIо жидер капурал руччаби хIакъаб Исламияб диналда тIоритIизе. Гьалъ нилъее баян гьабулеб буго иманги куфруги рекIелъ букIунеб игIтикъад бугелъул, гьеб хисизабизе инсанасда кIоларо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадар букIун гьел гIадамал жалго битIараб нухалде рачIун гурони. Гьаб амро гьадин бугониги Т1адег1анав Аллагьас бусурзабазда т1адаблъун гьабун буго, лъик1алдалъун амро гьабиги, квешлъиялдаса нагьйо гьабиги ва Аллагьасул шарг1 гьаб ракьалда билъанхъизабиги.

وَمَرْيَمَ ٱبْنَتَ عِمْرَٰنَ ٱلَّتِىٓ أَحْصَنَتْ فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيهِ مِن رُّوحِنَا وَصَدَّقَتْ بِكَلِمَٰتِ رَبِّهَا وَكُتُبِهِۦ وَكَانَتْ مِنَ ٱلْقَٰنِتِينَ ﴿١٢﴾

**12. ГIимранил яс Марьямил мисалги бачана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рацIцIадал гIадамазул мисал бицун. Гьей Марьям жиндир черх цIунарай йикIана** зина фух1шалдаса. **Дица гьелъул лъорониб Жабраил хIухьел пузе виччана ва гьелдалъун Марьям къинайги лъугьана. Гьей Марьямица Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ рещтIине гьарурал тIахьал ритIухъ гьарулел рукIана ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламги ритIухъ гьабулеб букIана. Гьей Марьям йикIана жий Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIиг1ай, жинца тIагIат-гIибадат гIемер гьабулейлъун.**

Имам Бухарияс ва Имам Муслимица бицараб хIадисалда абулеб буго, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Бихьиназул камилал гIадамал гIемерал рукIана. Руччабаздаса камиллъичIо ПиргIавнил чIужу Асиятги, ГIимранил яс Марьямги, Хувайлидил яс Хадижатги гурони Г1айшатил хиралъи киналго руччабаздаса гьанал чурпа цогидал тIагIамаздаса тIокIаб бугеб гIадин буго»* – абун. Гьал киназдаго Аллагь разилъаги.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату ТтахIрималъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 67. Суратул Мулк

سُورَةُ المُلْكِ

*Гьаб сурат Маккаялда рещтIине гьабураб бугелъул гьалда жаниб аслияб бакI кколеб буго Исламияб диналъул аслаби рициналдалъун. Лъабго кIудияб бахIс буго гьаб сураталда жаниб: Хварал гIадамал чIаго гьаризе ва гьезие жазаъ гьабизе ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъи ва къудрат бук1ин чIезе гьабун буго. Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ *цо вукIиналде жидеца тIоритIел гьабулел хIужабиги чIезе гьарулел руго. Хадуб Аллагьасда* جَلَّجَلَالُهُ *ва ахиратална инкар ккурал гIадамазул кинаб хIал букIунебги бицунеб буго. Сураталъул ахиралда хIинкъи кьолеб буго жидеца авараг ва гьесул дагIват гьереси гьабурал гIадамазе: гьезда ракIалдаго гьечIого жидеда гIазаб тIаде щвезе бегьила абун.*

*Гьаб сураталъул хиралъи бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «<u>Гьаб сурат буго жинца хабал гIазабалдаса цIунулеб, жужахIалъул гIазабги нахъе чIвалеб, гьелдаса муъминзабиги хвасар гьарулеб</u>» - абун.* Х1адис имам Тирмизияс бицана.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

تَبَٰرَكَ ٱلَّذِى بِيَدِهِ ٱلْمُلْكُ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١﴾

**1. Жив ВацIцIадав жиндир лъик1лъи г1амав ва ТIадег1анав вуго; кинабго ханлъи жинда кодоб бугев ва жиндие бокьараб жо гьабизе жиндир хIал кIолев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**.**

ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلْمَوْتَ وَٱلْحَيَوٰةَ لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْغَفُورُ ﴿٢﴾

**2. Жинца хвелги чIаголъиги бижарав вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ**: жинца нужер хIалбихьи гьабизе, щивдай вуго нужедаса жинца камилаб иманги лъун берцинаб ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадулев чи абун.**

**Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинда гIасилъараздаса ццим босизе кIолев, жиндир гуч бергьарав. Жив цо гьавун жиндие гIибадат гьабурал муъминзабазул жинца мунагьал чурулевги вуго.**

Капурзабаца ва мушрикаца абухъе, хвел абулеб жо жинца кинабго чIаголъи т1обанго къотIизе гьабулеб жо гьечIо. Гьеб хвел буго гьаб дунялалъул рукъосан «барзах» абун жинда абулеб хабалъ букIунеб заман базе инсан ин. Гьелда хадуб ахиратги букIунеб ва кинабго халкъ

жидер хIисаб-мизан гьабизе ва жидее жазаъ гьабизе тIаде рахъине гьарулеб.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер цояв хун хабалъ лъураб мехалъ ва гьесда тIаде ракьги бан жиндир агьлухъизан нахъруссараб мехалъ гьев хабалъ вугев чиясда нужер хьитазул хъварщи рагIула»* - абун. Х1адис имам Бухарияс бицана.

Цогиги, аварагас ﷺ абуна: *«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *цIаралдалъун гьедулев вуго дун, нужеда цIикIкIун рагIулеб гьечIо дица гьал хварал гIадамаздехун гьабулеб хитIаб. Гьел хваразе жаваб кьезе кIоларо»* - абун. Ай: Гьезда раг1унеб буго дица бицунеб хабар, амма гьез жаваб кьоларо. Х1адис имам Муслимица бицана.

**3. Гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав БетIергьан, жинца цоялда тIад цогидаб гьабун анкьго зоб бижарав. Гьев Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **бижараб жоялъулъ нужеда кинабгIаги жагъаллъи, гъалатIги бихьуларо. Нужеца зобалаздехун бер чанго нухалъ буссине гьабе, нужеда гьениб бихъараб, кьватIараб бакI бихьуладай абун. Нужеда гьеб кидаго бихьизе гьечIо!**

ٱلَّذِي خَلَقَ سَبْعَ سَمَٰوَٰتٖ طِبَاقٗاۖ مَّا تَرَىٰ فِي خَلْقِ ٱلرَّحْمَٰنِ مِن تَفَٰوُتٖۖ فَٱرْجِعِ ٱلْبَصَرَ هَلْ تَرَىٰ مِن فُطُورٖ ۝٣

**4. Цингиги нужеца бер зодихъе буссине гьабе ва чанго нухалъ нужеца гьел зобалазул пикруги гьабе. Нужер бер тIадбуссун бачIине буго жинда щибго жагъаллъи бихьичIого, жиб Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **хIелараблъун, г1одобег1анлъун, жиб свакай гуреб жиндие щибго пайда бахинчIеблъун.**

ثُمَّ ٱرْجِعِ ٱلْبَصَرَ كَرَّتَيْنِ يَنقَلِبْ إِلَيْكَ ٱلْبَصَرُ خَاسِئٗا وَهُوَ حَسِيرٞ ۝٤

**5. ХIакълъунго Дица гьаб дунялалда тIад бугеб зоб берцин гьабуна гьенир чирхъал гIадин цIвабиги кенчIезе гьарун. Гьел цIваби Дица гьаруна щайтIабазда речIчIулел сунтраллъунги. Гьел щайтIабазе ахираталдаги Дица цIакъ гучаб гIазаб хIадурун буго.**

وَلَقَدْ زَيَّنَّا ٱلسَّمَآءَ ٱلدُّنْيَا بِمَصَٰبِيحَ وَجَعَلْنَٰهَا رُجُومٗا لِّلشَّيَٰطِينِۖ وَأَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابَ ٱلسَّعِيرِ ۝٥

ГIалимзабаца абуна: Зодир ругел цIвабзазул лъабго мунфагIат буго инсанасе: Гьездалъун зобал берцин гьарула, гьездалъун гIадамал сафаразде ругеб мехалъ гьезие нух лъайги гьабула, гьел цIвабзазул сунтрал зодире рахунел щайтIабаздаги речIчIула. Жалго цIваби

речIуларо щайтIабазда хадур.

**6. Жидеца жидер БетIергьан**
**Аллагьасда инкар кколел гIадамазе Дица**
**жагьаннамаялъул гIазаб хIадурун буго.**
**Ц1акъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жагьанама.**

وَلِلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِرَبِّهِمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ ۖ وَبِئْسَ
ٱلْمَصِيرُ ﴿٦﴾

**7. Гьел гIадамал жужахIалда рехараб**
**мехалъ гьезда цIакъ квешаб, жинца**
**хIинкъизе гьарулеб гьаракь рагIула**
**гьеб жужахIалъул цIаялъул. Гьеб цIа**
**гьалдолебги букIуна жанир ругел гIадамалгун цадахъ.**

إِذَآ أُلْقُوا۟ فِيهَا سَمِعُوا۟ لَهَا شَهِيقًا وَهِىَ
تَفُورُ ﴿٧﴾

**8. Ццим бахъун, жиб тIутIун унеб хIалги**
**букIула гьеб жужахIалъул. Щибаб къукъа**
**гьениб жаниб рехараб мехалъ жужахI**
**хьихьун ругел малаикзабаца абула:**
**«Нужехъе Аллагьасул ﷻ расул вачIинчIищ жинца нужее гьаб**
**гIазабалдалъун хIинкъи кьолев»-абун.**

تَكَادُ تَمَيَّزُ مِنَ ٱلْغَيْظِ ۖ كُلَّمَآ أُلْقِىَ فِيهَا فَوْجٌ
سَأَلَهُمْ خَزَنَتُهَآ أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَذِيرٌ ﴿٨﴾

**9. Гьел гIадамаз абула: «Нижехъе**
**Аллагьасул ﷻ расул вачIана,**
**амма нижеца гьев гьерси гьавуна ва**
**нижеца абуна: «Аллагьас ﷻ щибго**
**жо рештIине гьабичIо. Нуж гьеч1о цIакъ къосарал гIадамал**
**гурого»-абун.**

قَالُوا۟ بَلَىٰ قَدْ جَآءَنَا نَذِيرٌ فَكَذَّبْنَا وَقُلْنَا مَا نَزَّلَ ٱللَّهُ
مِن شَىْءٍ إِنْ أَنتُمْ إِلَّا فِى ضَلَٰلٍ كَبِيرٍ ﴿٩﴾

**10. Жегиги гьеб жужахIалъул агьлуялъ**
**абула: Ниж дунялалда ругеб мехалъ**
**нижеда х1акъаб жо раг1улеб бук1арабани,**
**яги гьеб хIакъаб жо лъалебг1аги**
**букIарабани, ниж гьаб жужахIалъул агьлогун цадахъ**
**рукIинароан»-абун.**

وَقَالُوا۟ لَوْ كُنَّا نَسْمَعُ أَوْ نَعْقِلُ مَا كُنَّا فِىٓ أَصْحَٰبِ
ٱلسَّعِيرِ ﴿١٠﴾

**11. Гьел гIадамал мукIурлъана жидер**
мунагьазе. Амма гьезие жидер
мукIурлъиялъ щибго мунфагIат гьабуларо. **Аллагьас ﷻ**
**жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьареги гьел жужахIалъул**
**бетIергьаби!**

فَٱعْتَرَفُوا۟ بِذَنۢبِهِمْ فَسُحْقًا لِّأَصْحَٰبِ ٱلسَّعِيرِ ﴿١١﴾

**12. ХIакълъунго жидеда Аллагьги ﷻ**
**вихьичIого, гьесул гIазабги бихьичIого**
**жал Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал**

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُم بِٱلْغَيْبِ لَهُم مَّغْفِرَةٌ
وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ﴿١٢﴾

**гIадамазе Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан мунагьал чури буго ва кIудияб ажро-кириги буго.**

وَأَسِرُّواْ قَوْلَكُمْ أَوِ ٱجْهَرُواْ بِهِۦٓۖ إِنَّهُۥ عَلِيمُۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿١٣﴾

**13. Нужеца нужер рагIи бальго гьабулеб бугониги, гьеб загьир гьабулеб бугониги хIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго ва нужер рекIелъ ругел пикрабиги жинда лъалев вуго.**

أَلَا يَعْلَمُ مَنْ خَلَقَ وَهُوَ ٱللَّطِيفُ ٱلْخَبِيرُ ﴿١٤﴾

**14. Жинца махлукъ бижарав Халикъасда гьеб махлукъалъул хIал лъачIого букIинишха?**
**Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндир лагъзадерида гурхIулев, гьезул киналго хIалал лъалев.**

هُوَ ٱلَّذِي جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ ذَلُولًا فَٱمْشُواْ فِي مَنَاكِبِهَا وَكُلُواْ مِن رِّزْقِهِۦۖ وَإِلَيْهِ ٱلنُّشُورُ ﴿١٥﴾

**15. Гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав нужер БетIергьан, жинца нужее гьаб ракь квегъараблъун гьабурав. Нуж гьеб ракьалда тIаде хьваде ва нужеца Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ризкъиги кванае.**
**Ахираталда кинабго халкъ гьев Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ данде гьабизе буго жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе.**

ءَأَمِنتُم مَّن فِي ٱلسَّمَآءِ أَن يَخْسِفَ بِكُمُ ٱلْأَرْضَ فَإِذَا هِيَ تَمُورُ ﴿١٦﴾

**16. Нуж божунищ ругел я гьал капурал гIадамал, зобалазда вугев БетIергьан Аллагьас нуж ракьалда жанире ккվезе гьариларо абун, гьеб ракьги жиб багъарун, гъоркьияб тIаде сверун, жинца гIадамал жинда жанире ккун букIунеб къоялъ.**

أَمْ أَمِنتُم مَّن فِي ٱلسَّمَآءِ أَن يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًاۖ فَسَتَعْلَمُونَ كَيْفَ نَذِيرِ ﴿١٧﴾

**17. Яги нуж божунищ ругел зобалазда вугев БетIергьан Аллагьас нужеда тIаде гамчIал (чIимхал) речIчIиларо абун. Дир гучаб гIазаб бихьараб мехалъ нужеда лъазе буго кин букIунеб дир хIинкъи кьей ва гIазаб.**

وَلَقَدْ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ﴿١٨﴾

**18. ХIакълъунго гьал Маккаялъул мушриказдаса церехун рукIарал капурзабацаги жидехъе рачIарал аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьереси гьаруна.**
**Кинха Дица гьездаги инкар ккураб гьезда гучаб гIазаб щвараб мехалъ.** Дица гьезие гIазаб гьабуна жинца гьел гIодогIан гьарулеб

гIазабалдалъун. Жидеца иман лъечIони, авараг ﷺ гьереси гьавиги течIони гьаб Маккаялъул агьлуялдеги щвезе бегьула гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб.

**19. Гьел гIадамал балагьуларищ жидеда тIад роржунел хIанчIазда: жидер куркьби ритIизе гьарун роржунел ва куркьби данде къанги роржунел. Гьел гьаваялда ккун рукIунаро цохIо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гурони. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинда кинабго жо бихьулев.**

أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى الطَّيْرِ فَوْقَهُمْ صَافَّاتٍ وَيَقْبِضْنَ ۚ مَا يُمْسِكُهُنَّ إِلَّا الرَّحْمَٰنُ ۚ إِنَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ بَصِيرٌ ﴿١٩﴾

**20. Нужее квербакъи гьабулел гIадамал щалха ругел гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гурев? Нагагь Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабулеб бугони гьеб нахъе чIвазе кIолел кумекчагIи, яги алагьзаби ругищ нужее? Гьел капурал гIадамал цIакъаб гуккиналъулъ ругел гIадамал руго.** Гьезда ракIалде кколеб буго жидер аллагьзабаца ва хъанчаца жидее квербакъи гьабизе буго абун.

أَمَّنْ هَٰذَا الَّذِي هُوَ جُندٌ لَّكُمْ يَنصُرُكُم مِّن دُونِ الرَّحْمَٰنِ ۚ إِنِ الْكَافِرُونَ إِلَّا فِي غُرُورٍ ﴿٢٠﴾

**21. ТIадегIанав Аллагьас жиндир ризкъи ккун чIезе гьабуни гьеб ризкъи нужее кьезе кIолев щив чиха вугев?** Щивниги чи гьечIо.
**Гьел капурзаби жидерго къосиналъулъ ва чIухIиялъулъ тIерхьун руго.** Гьезда хIакъаб жо бихьулеб гьечIо ва рагIулебги гьечIо.

أَمَّنْ هَٰذَا الَّذِي يَرْزُقُكُمْ إِنْ أَمْسَكَ رِزْقَهُ ۚ بَل لَّجُّوا فِي عُتُوٍّ وَنُفُورٍ ﴿٢١﴾

**22. Жиндир гьумер ракьалда цузе гьабун вилълъунев чийищ битIараб нухалда вукIунев, яги жив витIун вахъун чIун вилълъунев чийищ битIараб нухалда вукIунев?**
Капурчи вуго беццав чиясда релълъун: жинда щибго нухги бихьуларев, жив гIодове къулун, гIодов ккун,тIаде вахъун жинда унеб рахъги лъаларого вугев чиясда релълъун. Муъминчи вуго жинда унеб нухги бихьулев, жив унеб бакIги жинда лъалев чи. Гьев кIиявго чи цоцада релълъун рукIинищха? рук1унаро.

أَفَمَن يَمْشِي مُكِبًّا عَلَىٰ وَجْهِهِ أَهْدَىٰ أَمَّن يَمْشِي سَوِيًّا عَلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٢٢﴾

**23. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, гьев БетIергьан Аллагь вуго нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав хан, жинца нуж щибго жо гьечIеб бакIалдаса рижарав,**

قُلْ هُوَ الَّذِي أَنشَأَكُمْ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ ۚ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ﴿٢٣﴾

**цинги жинца нужее бералги, гIундулги, ракIги гьабурав.**
Нуж бихьулеллъун, рагIулеллъун гьарурав, нужее жиндалъун жо лъалеб ва бичIчIулеб ракIги гьабурав. **Гьел кIудиял нигIматазе жидеца щукру гьабулел гIадамал цIакъ дагьал гурони гьечIо.** Капурзабаца гьел нигIматазда щукру гьабизего гьабуларо.

قُلْ هُوَ ٱلَّذِى ذَرَأَكُمْ فِى ٱلْأَرْضِ وَإِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٢٤﴾

**24. Жегиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, гьев Аллагь ﷻ вуго нуж гьаб ракьалда тIад гIемерлъизе гьарурав.**
Нужер наслаби гIемер гьарун. **Ахираталда хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизеги гьев Аллагьасде ﷻ руссине гьаризе руго.**

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْوَعْدُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٢٥﴾

**25. Капурзабаца абулеб буго: «Щиб заманаялъ букIине бугеб гьеб ниже гIазаб гьабизе къотIи гьабураб Къиямасеб къо, нуж битIараб жо бицунел гIадамал ратани?» - абун.**

قُلْ إِنَّمَا ٱلْعِلْمُ عِندَ ٱللَّهِ وَإِنَّمَآ أَنَا۠ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٢٦﴾

**26. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, хIакълъунго гьеб Къиямасеб къо кида букIунебали тIадегIанав Аллагьасда лъала. Дун вуго нужее хIакъаб ва баянаб хIинкъи кьолев чи.** Дица дида тIадкъараб рисалат нужехъе щвезе гьабулеб буго. Цогидаб кинабго амру Аллагьасул ﷻ буго.

فَلَمَّا رَأَوْهُ زُلْفَةً سِيٓـَٔتْ وُجُوهُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَقِيلَ هَٰذَا ٱلَّذِى كُنتُم بِهِۦ تَدَّعُونَ ﴿٢٧﴾

**27. Гьеб жужахIалъул цIа ва Къиямасеб къоялъул гIазаб жидеда гIагардаго бихьараб мехалъ капурал гIадамазул гьурмал хисула:** гьезда тIаде пащманлъиялъул ва хIинкъиялъул асар бачIуна. **Гьездаги абула: «Гьале гьаб буго доб дунялалда ругеб мехалъ нужее къотIи гьабулеб букIараб гIазаб» - абун.**

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَهْلَكَنِىَ ٱللَّهُ وَمَن مَّعِىَ أَوْ رَحِمَنَا فَمَن يُجِيرُ ٱلْكَٰفِرِينَ مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢٨﴾

**28. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца пикру гьабе ва нужеда лъалеб батани дидаги бице; дунги дида цадахъ ругел муъминзабиги Аллагьас ﷻ гьалаг гьаруни, яги нижеда Аллагь ﷻ гурхIани ва нижер гIумру халат гьабуни, нуж Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хвасар гьарулев чи щивха вугев? Абун.**
Гьаб аяталъ бицунеб жоялъул хIасил буго: Маккаялъул мушрикал авараг ﷺ холеванищ ва гьесул цIияб диналдаса жал хвасарлъулеланищ абун рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хваниги

капурзабазе гIазаб букIине букIин баян гьабулеб буго гьаб аяталъ. Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун хьвадизе тIадаб буго кинавго инсанасда. Авараг ﷺ вуго гьел гIадамал Исламияб диналде ахIулев Аллагьасул ﷻ Расул. Гьев авараг ﷺ хванин абун гьездаса Аллагь ﷻ цо гьавизе ккейи тIаса унаро ва куфру-ширкалъул гIазаб жидее гьабиялдаса гьел хвасарлъуларо.

**29. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, гьев БетIергьан Аллагь жив цIакъ гурхIулев вуго, нижеца гьесда иманги лъун буго, нижеца тавакалги гьев Аллагьасда ﷻ тIамун буго.**

قُلْ هُوَ ٱلرَّحْمَٰنُ ءَامَنَّا بِهِۦ وَعَلَيْهِ تَوَكَّلْنَا ۖ فَسَتَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٢٩﴾

**Ахираталде щвараб мехалъ лъазе буго нужеда щив вукIарав жиб баянаб къосиналъулъ:** дунги муъминзабигийищ рукIарал, яги нужищ рукIарал жал къосараллъун.

**30. Цогиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун бихье: гьаб нужеца гьекъолеб лъим ракьулъе жанибе тIерхьун ани, гьеб лъим нужее босун вачIунев чи щивха вукIине вугев абун.**

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَصْبَحَ مَآؤُكُمْ غَوْرًا فَمَن يَأْتِيكُم بِمَآءٍ مَّعِينٍۭ ﴿٣٠﴾

Цониги чи вукIунаро цIохIо ТIадегIанав Аллагь гурони. Гьеб лъималда рельлъун руго тIадегIанав Аллагьасул киналго нигIматал. Гьел кьолев чи цохIо Аллагь ﷻ вуго. Аллагьас ﷻ гьел нигIматал тIаса росани, цониги чиясда кIоларо гьел кьезе.

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Мулкалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецщги гьев Аллагьасе ﷻ буго.

# 68. Суратул Къалам

سُورَةُ القَلَمِ

*Гьаб сураталда жаниб диналъул аслабазул бицунеб буго ва Исламияб гӀакъида (рекӀелчӀей) баян гьабулеб буго. Аслияб бахӀс буго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀаммад авараг хӀакъав Бичасул Расул вукӀин чӀезе гьабиялда хурхараб, гьев цӀакъ берцинал тӀабигӀатазда вижарав, жинда нахърилълъине мустахӀикъав инсан вукӀин баян гьабулеб.*

*Муъминзабазул ва капурзабазул хӀал баян гьабулеб мисал бачун буго, Къиямасеб къоялъул хӀинкъи-къварилъиялъулги баян гьабун буго.*

*Хирияв аварагасда мушрикаца жиндие гьабулеб къварилъиялда сабру гьабе абун ва жинда тӀад къараб рисалат умматалъухъе щвезабулаго бачӀараб захӀмалъи бачче абун амруги гьабулеб буго.*

***Жив гурхӀулев, гурхӀел гӀамав Аллагьасул цӀаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Нун. Дун гьедулев вуго къаламалдалъун ва гьеб къаламалъ хъвалеб жоялдалъунги.** نٓ وَالْقَلَمِ وَمَا يَسْطُرُونَ ﴿١﴾

**2. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе кьурал нигӀматаздалъун, мун жундуца ккурав чи гьечӀо.** مَا أَنتَ بِنِعْمَةِ رَبِّكَ بِمَجْنُونٍ ﴿٢﴾

Дур тущбабилъун ругел мушрикаца дуде гӀунтӀизе гьарулел гӀайибаздаса мун вацӀцӀадав вуго ва мун гӀакълу камилав, халкъалда дин лъезабизе кӀолев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Расул صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вуго.

Тафсиралъул гӀалимзабаца абуна: «ТӀадегӀанав Аллагь къаламалдалъун ва гьеб къаламалъ хъвараб жоялдалъун гьедиялдаса загьирлъулеб буго гӀелмуги гӀалимзабиги хириял рукӀин ва гьеб гӀелму хъван халкъалде тӀибитӀизе гьаби кири-ажру кӀудияб жо букӀин.

**3. ХӀакълъунго дуе цӀакъ кӀудияб, жиб нахъаса къотӀулареб ва тӀасса унареб ажруги буго.** وَإِنَّ لَكَ لَأَجْرًا غَيْرَ مَمْنُونٍ ﴿٣﴾

**Аллагьасул диналда халкъ ахӀулаго дуца баччараб захӀмалъи къварилъиялде данде.**

**4. ХӀакълъунго мун цӀакъ кӀудиял ва берцинал тӀабигӀатаздаги вуго.** وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ ﴿٤﴾

ТӀадегӀанав Аллагьас гьев хирияв МухӀамад аварагасе киналго тӀадегӀанал сипатал ва тӀабигӀатал данде гьарун рукӀана. Гьесул даража макъамалде вахарав цоги инсанги вижичӀо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ. Гьесул бищунго ццидалал тушбабиги мукӀурлъулел рукӀана гьев ритӀухъав, хиянат гьечӀев, жинда

божилъи гъабизе бегьулев инсан вукIиналда.

Хирияв аварагасул берцинал сипатаздаса рукIана гьев гIелму бугев, гурхIел-рахIму бугев вукIин, жиндир нич кутакав,гIибадат гIемер гьабулев, жиндир сахавалъи кIудияв вукIин.Балагьазда сабру гьабулев, нигIматазда щукру гьабулев вукIин, Аллагьасеги ﷻ гIадамазеги хIеларав, жиндир чIухIи гьечIев, жинца дунялалъул магIишат тIалаб гьабуларев вукIин. Жиндир адаб берцинав, гIадамазулгун хIал рекъезе гьабулев вукIин, жиндир бахIарчилъи бугев, гIадло битIарав, тIаса лъугьунев вукIин.

Имам Муслимица ва Бухарияс жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Дица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе хъулухъ гьабуна анцIго соналъ. Гьес кидаго дида рихунеб рагIи абичIо, дица цо иш гьабураб мехалъ гьеб щай гьабураб абунги абичIо, дица цо иш гьабичIого тараб мехалъ гьеб щай гьабичIеб абунги абичIо. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIадамазул бищунго лъикIав вукIана жиндир тIабигIатал берцинал рукIиналъул рахъалъан. Дица цониги дарай-зарбалалда квер хъатIичIо гьев расуласул хъаталдаса жиб тамахаб. Дица цониги махI гьуинаб жоялъул махIги сунтIичIо гьев аварагасул гIетIалъулгIан махI гьуинаб»* - абун. Жинда Аллагь разилъаяй Г1айшатида гьикъараб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул тIабигIатал кинал рукIарал абун, гьелъ абуна: «гьесул киналго тIабигIатал Къуръаналда рекъарал рукIана» - абун.

БатIи-батIиял миллатазул ва диназул гIалимзаби ва жидеца пикру гьабулел гIадамал жакъа къоялда жанирги мукIурал руго гьев МухIаммад авараг ﷺ ритIухъав авараг вукIиналъе ва гьес цIалараб Къуръан Аллагьасул ﷻ калам букIиналъеги. Гьеб гьедин букIинчIебани гьаб азаралда ункънусго сон араб мехалъги Исламияб дин жиб къойидаса къойиде мухIканлъулеб букIинароан. Америкаялъул г1алимзабаца кампютералъул кумекалдалъун ц1ех-рех гьабидалго дунялалъул кинабго тарихалда жанив бищунго жив вац1ц1адав, жиндир бицен г1емерав, жиндир г1елму-г1акъло камилав чи щив вук1арав абун, гьезие х1асил бач1ана гьев чи Мух1аммад авараг ﷺ вук1ана абун. Гьел г1алимзабазе ц1акъ бокьилаан жидер Г1иса аварагасе гьеб къимат бук1ине. Кинниги жал мук1урлъун руго жидер аварагасдасаги Мух1аммад авараг ﷺ хирияв вук1иналъе. Хирияв аварагасул ﷺ тIабигIатал берцинал рукIиналъе мисаллъун гIеларищ жиндир къавмалъ гьесие гIемераб къварилъи гьабураб мехалъ гьес гьабураб дугIа: *«Я дир Аллагь, дуца гьаб къавм битIараб нухалда*

*тӀобитӀе! Гьал руго жидеда хӀакъаб жо лъаларел гӀадамал!»* - абун. Бищунго кӀудияб хӀужа ва далил буго хирияв авараг ﷺ жиндир т1абигӀатал берцинав вукӀиналъе тӀадегӀанав Аллагьас жиндир Къуръаналда жаниб аят рещтӀине гьаби «мун тӀадегӀанал ва берцинал тӀабигӀатазда вуго»-абун.

**5. Дагьаб хадуб Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гӀазаб капурзабазде рещтӀараб мехалъ дуда бихьизе буго, МухӀаммад** ﷺ**, гьел капурзабаздаги бихьизе буго,** فَسَتُبْصِرُ وَيُبْصِرُونَ ﴿٥﴾

**6. Нужер кисинал ругеблъи жал жундуца ккурал.** بِأَييِّكُمُ ٱلْمَفْتُونُ ﴿٦﴾

**7. ХӀакълъунго дур БетӀергьан Аллагь жинда лъалев вуго, МухӀаммад** ﷺ**, щив вугев жиндир диналдаса къосарав. Гьединго Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **лъала жал хӀакъаб диналда тӀоритӀараллъун ругел гӀадамалги.** إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَن ضَلَّ عَن سَبِيلِهِۦ وَهُوَ أَعْلَمُ بِٱلْمُهْتَدِينَ ﴿٧﴾

**8. Мун гьел къурайшазул ханзабазе мутӀигӀлъуге! Жидеца мун гьереси гьавулел ва жидер умумузул дин гьабиялде жидеца мун ахӀулел.** فَلَا تُطِعِ ٱلْمُكَذِّبِينَ ﴿٨﴾

**9. Гьезие бокьун буго мун тамах гьавизе ва дуца гьезие бокьулареб жо тезе:** хъанчазе лагълъи гьабуге абураб ракӀи дуца абичӀого букӀине бокьун буго гьезие. **Цинги гьелги дудехун тамахго рукӀине руго.** Гьез абулеб букӀана:дуца нижер алагьзабазе лагълъи гьабуни нижеца дур Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи гьабизе буго абун. Гьел капурзабазул батӀулаб хабаралъе мутӀигӀлъуге абун амру гьабулеб буго ТӀадегӀанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда ﷺ. وَدُّوا۟ لَوْ تُدْهِنُ فَيُدْهِنُونَ ﴿٩﴾

**10. Мун мукӀурлъуге МухӀаммад** ﷺ**, жинца гӀемерал гьаял гьедулев, жив хӀакъирав чиясе,** وَلَا تُطِعْ كُلَّ حَلَّافٍ مَّهِينٍ ﴿١٠﴾

**11. Жинца гъибатги гьабулев, гӀадамазда гьоркьоб мацӀал гьарун жив хьвадулев,** هَمَّازٍ مَّشَّآءٍۭ بِنَمِيمٍ ﴿١١﴾

**12. Жинца закатги, садакъаги кьоларев, жиндир зулму кӀудияв, жиндир мунагьал гӀемерав чиясе.** مَّنَّاعٍ لِّلْخَيْرِ مُعْتَدٍ أَثِيمٍ ﴿١٢﴾

**13. Жиндир ракӀ согӀав, гӀакъло дагьав. Гьал гӀемерал къадарал сипатал жиндие рукӀингун цадахъ жив зинадал лъимерлъунги вугев.** عُتُلٍّۭ بَعْدَ ذَٰلِكَ زَنِيمٍ ﴿١٣﴾

**14. Гьесул боцӀи-малги лъималги гӀемерал руго** أَن كَانَ ذَا مَالٍ وَبَنِينَ ﴿١٤﴾

**абунищ гьев гьединав вугев.**

**15. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндие къурал нигІматазде данде щукру гьабичІого, жиндие Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ Къуръаналъул аятал цІалараб мехалъ гьес абулеб буго:** إِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِ ءَايَٰتُنَا قَالَ أَسَٰطِيرُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿١٥﴾

**«Гьел руго цереселго гІадамаз ургъарал ва гьез рицунел рукІарал гьересиял харбал» - абун.**

Гьал аятал рещтІине гьаруна Алвалид ибну Мугъиратил хІакъалъулъ. Гьев вукІана къурайшиязда гьоркьов вугев чи, живго гьездаса гьечІев. АнцІила микьго сон барав чи гьев вугеб мехалъ гьев васлъун ккуна Алмугъират абулев къурайшияс.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГІаббасица абуна: «Нилъеда цониги чи лъаларо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьадигІан гІемерал квешал сипатал жиндие гьарурав гьав Алвалид ибнул Мугъират гурони. Абадиялъго гьесдаса тІаса унареб нич тІад лъуна Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесда»-абун. Ассави Абулев гІалимас абуна: «Гьал аятал рещтІине гьарураб мехалъ гьев Алвалид жиндир эбелалъухъе вачІана ва гьес абуна: «Гьав МухІаммадица صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ дие ичІго сипат гьабуна. Гьезул микьгояб дида лъалеб буго ва дилъ ругелги руго. ЦохІо зинадул лъимер абураб сипат хутІизегІан. Дуца дида битІараб бице гьеб сипат кин гьес дие гьабурабали дида лъазе» - абун. Гьесул эбелалъ абуна: «Дур эменлъун вугев чи вукІана жиндир алат хІалтІуларев. Гьесул бечелъи чидаца ине бокьичІого дун цо вехьасда аскІой егана ва гьесул вас вуго мун» - абун. Гьаб аят рещтІинегІан гьесда лъалеб букІинчІо жив зинадал лъимер вугеблъи» - абун.

ТІадегІанав Аллагьас гьав Алвалидил хабар тІубазе гьабун абулеб буго:

**16. Дагьаб хадуб дица гьесул мегІералда гІужги гьабизе буго.** سَنَسِمُهُۥ عَلَى ٱلْخُرْطُومِ ﴿١٦﴾

Жив хвезегІан гьесдаса тІаса унареб ва гьев гьелдалъун ватІа гьавизе лъалеб. Гьеб гІуж гьесда гьабуна Бадроялда рагъ бугеб мехалъ гьесул мегІералда хвалченги щун.

Гьаб аят буго жиб кІиго рагІиялдаса данде гьабураб ва жинда жаниб Къуръаналъул пасихІлъиялъул чанго мисал бугеб.

Инсанасул мегІералда «хуртІум» абуларо. ХуртІум абула пилалъул, болъонил ва цоги хІайваназул мегІералда. Гьев жив какарав, хІалихьатав чиясул мегІер хІайваналъул мегІерлъун гьабун буго ва гьелда жаниб цогиги гьев гІодовегІан гьавулеб сипат буго. МегІералда гІуж гьабила абураб рагІиги гІарабиязул мацІалда ва гІадаталда рекъон гьев чи

гIодовегIан гьавулеб сипат буго. Масала магIаруласе бетIералдаса тIагъур бортизе гьаби ничаб жо бугеб гIадин, гIарабиязе мегIералда гIуж гьабиги ничаб жо буго.

إِنَّا بَلَوْنَٰهُمْ كَمَا بَلَوْنَآ أَصْحَٰبَ ٱلْجَنَّةِ إِذْ أَقْسَمُوا۟ لَيَصْرِمُنَّهَا مُصْبِحِينَ ﴿١٧﴾

**17. ХIакълъунго Дица гьаб Маккаялъул агьлуялъулги хIалбихьи гьабуна гьезда тIаде ракъи биччан. Цо ахалъул бетIергьабазул хIалбихьи гьабураб гIадин, гьел гIадамаз гьа гьедун къотIи гьабураб мехалъ жидеца ахикьа пихъ бакIарила абун радал хехго ун, пакъирзабазда жал рихьулареб гIужалъ.**

وَلَا يَسْتَثْنُونَ ﴿١٨﴾

**18. Гьеб къотIи гьабулеб мехалъ гьезда «ИншаАллагь» абизе ракIалде щвечIо.**

فَطَافَ عَلَيْهَا طَآئِفٌ مِّن رَّبِّكَ وَهُمْ نَآئِمُونَ ﴿١٩﴾

**19. Цинги гьеб ахалде тIаде Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ балагь бачIана гьел гIадамалги кьижун рукIадго.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ зодиса цIа рещтIине гьабун бухIана гьеб ах.

فَأَصْبَحَتْ كَٱلصَّرِيمِ ﴿٢٠﴾

**20. Цинги гьеб ахги лъугьана чIегIераб рохьо гIадин. Щибго жо нахъе хутIитчIого бухIана гьеб ах.**

فَتَنَادَوْا۟ مُصْبِحِينَ ﴿٢١﴾

**21. Рогьалилъ тIадеги рахъун гьел гIадамал цоцаде ахIдана:**

أَنِ ٱغْدُوا۟ عَلَىٰ حَرْثِكُمْ إِن كُنتُمْ صَٰرِمِينَ ﴿٢٢﴾

**22. «Нужер ахикьа пихъ бакIаризе рахъа нужеца гьеб бакIаризе батани!» - абун.**

فَٱنطَلَقُوا۟ وَهُمْ يَتَخَٰفَتُونَ ﴿٢٣﴾
أَن لَّا يَدْخُلَنَّهَا ٱلْيَوْمَ عَلَيْكُم مِّسْكِينٌ ﴿٢٤﴾
وَغَدَوْا۟ عَلَىٰ حَرْدٍ قَٰدِرِينَ ﴿٢٥﴾

**23.24.25. Цинги гьел балъгого ахикье ана жидеда тIаде мискинзаби рачIинчIого рукIине ва гьезие пихъ кьезе кколареб хIалалъ. Гьезда ракIалдаги букIана жидее бокьараб жо лъугьина абун.**
Гьезда кIочон букIана гьезулги гьезул ахалъулги тадбир гьабулев хан тIадегIанав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIин.

فَلَمَّا رَأَوْهَا قَالُوٓا۟ إِنَّا لَضَآلُّونَ ﴿٢٦﴾

**26. Цинги жидеда гьеб бухIараб ах бихьараб мехалъ гьез абуна: «ХIакълъунго нилъ нух къосун ккун руго»-абун.** Цингиги лъикIго пикру гьабидал ва гьеб бакI жидер ах букIараб бакI букIин лъадал гьез абуна:

بَلْ نَحْنُ مَحْرُومُونَ ﴿٢٧﴾

**27. «Нилъ гьеб ахалъул хайиралдаса махIрум гьарун руго!» - абун.**

Нилъер мунагьал сабаблъун нилъедаса гьеб ах Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нахъе босун ун буго» - абун.

قَالَ أَوْسَطُهُمْ أَلَمْ أَقُل لَّكُمْ لَوْلَا تُسَبِّحُونَ ﴿٢٨﴾

**28. Гьезул гьоркьохъес абуна: (жиндир гІакълуги бугев, иманги бугев) «Дица нужеда абулеб букІана гурищ нужеца Аллагьасул جل جلاله нигІматал рехсон гьесие тасбихI гьабе» - абун.** Гьеб берцинаб ва бечедаб ах нужее кьурав Аллагь جل جلاله вуго, нужеца гьесие щукру гьабе ва гьеб ахикьан бачІараб пихъалдаса мискин-пакъиразеги садакъа кье абун абулеб букІана гьев вацас жиндир цогидал вацазде.

قَالُوا۟ سُبْحَٰنَ رَبِّنَآ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ﴿٢٩﴾

**29. Цинги гьез абуна: «Нижеца мун вацІцІад гьавула нижер БетІергьан! ХІакълъунго ниж рукІана нижерго напсазе зулму гьабулеллъун»-абун.**

فَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَلَٰوَمُونَ ﴿٣٠﴾

**30. Цинги гьел цо-цояз цогидазда гІайиб чІвазеги лъугьана.**
Сабру тІагІун, жидеца гьабулеб жо лъаларого хутІана гьел. Хадур гьел Аллагьасде جل جلاله руссана.

قَالُوا۟ يَٰوَيْلَنَآ إِنَّا كُنَّا طَٰغِينَ ﴿٣١﴾

**31. Гьез абуна: «Вай ниже бугеб къварилъи! ХІакълъунго ниж рукІун ругоха цІакъ къосарал гІадамал!**
Нижеца пакъирзабазе гьезул хІакъ кьечІолъи, Аллагьасе جل جلاله щукру гьабунгутІи кІудияб мунагь букІун бугоха нижеца гьабулеб».

عَسَىٰ رَبُّنَآ أَن يُبْدِلَنَا خَيْرًا مِّنْهَآ إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا رَٰغِبُونَ ﴿٣٢﴾

**32. Нижер Аллагьасда جل جلاله божилъи буго гьес нижее гьелдасаги лъикІаб ах кьела абун. Ниж нижер БетІергьанасда хьул лъолел руго гьес нижер тавбу къабул гьабила абун ва гьев нижеда тІаса лъугьина абун».**
ТІадегІанав Аллагьас гьаб къиса бицана паризаяб закатги суннатаб садакъаги кьоларел гІадамазул боцІи-мал гьалаглъулеблъи бихьизе гьабун. Цо дагьабго жо Аллагьасе جل جلاله гІоло кьезе бахиллъараб мехалъ Аллагьас جل جلاله кинабго кодоса босун толеблъи лъазе гьабун.
Гьал аятал рещтІине гьариялъе сабаб бицун гІалимзабаца абуна: Еменалда СангІаъ абулеб шагьаралда аскІоб цо муъминчиясул бечедаб ах букІана, жинда жаниб гІемер батІияб пихъ бугеб. Щибаб соналъ гьеб пихъ бакІарулеб мехалъ гьев чияс мискинзаби данде ракІарун гьезие садакъа кьолеб букІана ва гьел кІодо гьарун, рази гьарулел рукІана. Гьев чи хвараб мехалъ гьеб ах ирсалъе щвана гьесул лъабго васасе. Гьел васаз цоцаздехун мушавара гьабун абуна: «Нилъер лъималги гІемерал руго, гьаб ахикьан бачІунеб жоги дагьаб гурони гьечІо. Нилъер инсуца кьолеб букІараб хІалалъ нилъеца садакъа кьуни, нилъее щибго жо нахъе хутІиларо-абун. Цинги гьез къотІи гьабуна садакъа кьечІого

тезе ва гьеб пихъ бакIарулеб гIуж мискинзабаздаса балъго гьабизе. Гьеб къотIиги гьабун, гьеб къотIи гьа гьедун щулаги гьабун, жидер пихъ бакIаризе абун радакьего рахъун гьел ахикье араб мехалъ, гьезда жидер ах бухIун батана ва жал нухкъосун цоги бакIалде ккун ругин абун ракIалде кколеб хIалалъ хис-бас ккун батана.

كَذَٰلِكَ ٱلۡعَذَابُۖ وَلَعَذَابُ ٱلۡأٓخِرَةِ أَكۡبَرُۚ لَوۡ كَانُواْ يَعۡلَمُونَ ٣٣

**33. Гьадинаб гIазаб гьабизе бегьула Маккаялъул агьлуялъеги,** гьез иман лъечIони, авараг ﷺ ритIухъ гьавичIони ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматазде данде щукруги гьабичIони. **БичасхIаги ахиратальул гIазаб цIакъго кIудияб ва гучаб буго. Гьал Маккаялъул мушрикал жидеда жо лъалел ва жидер гIакълу бугел ратани, гьезда гьаб амру кин бичIчIунареб?**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел къурайшиязе гIазаб гьабуна Бадроялда рагъ гьабизе рачIараб мехалъ. Гьез гьа гьедун букIана МухIаммад ﷺ ва гьесул асхIабзаби чIвачIого жал Маккаялда руссинаро абун, жидеца хамроги гьекъела, зурма пун, къалиги кьабун гьел чIваразул бутIрузда аскIоб бертинги гьабила абун. ТIадегIанав Аллагьас гьезул мурадал тIуразе гьаричIо, гьезул ракIалда букIаралъул гIаксалда ккезе гьабуна амру.

إِنَّ لِلۡمُتَّقِينَ عِندَ رَبِّهِمۡ جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ٣٤

**34. ХIакълъунго Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабазе Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIоб нигIматазул алжанал руго.**

أَفَنَجۡعَلُ ٱلۡمُسۡلِمِينَ كَٱلۡمُجۡرِمِينَ ٣٥

**35. Дица муъминзаби гьарилищха купру-ширкалъул агьлуялда релъун?**

مَا لَكُمۡ كَيۡفَ تَحۡكُمُونَ ٣٦

**36. Нужее ккараб щиб! Нужеда гьединаб хIукму гьабизе кин кIолеб?**

أَمۡ لَكُمۡ كِتَٰبٞ فِيهِ تَدۡرُسُونَ ٣٧

**37. Яги нужехъ тIехьищ бугеб гьединаб хIукму тIад хъвараб ва нужеца жиб цIалулеб?**

إِنَّ لَكُمۡ فِيهِ لَمَا تَخَيَّرُونَ ٣٨

**38. Гьеб тIехьалда нужее бокьарабщинаб жо хъванищ бугеб?**

أَمۡ لَكُمۡ أَيۡمَٰنٌ عَلَيۡنَا بَٰلِغَةٌ إِلَىٰ يَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ إِنَّ لَكُمۡ لَمَا تَحۡكُمُونَ ٣٩

**39. Яги нужее Дица гьабураб щулияб къотIиййищ бугеб жиб къиямасеб къо щвезегIан хисулареб: «Нужее букIине буго абун нужее бокьараб жо?»** ГьечIо гьединаб къотIи. Гьел мушрикал жидер кинабго гIамалалъулъ батIулаб иш гьабулел гIадамал руго; гьез

гьабулеб хIукмуги мекъаб буго, гьез бицунеб рагIиги гьересияб буго.

**40. Дуца гьезда гьикъе МухIаммад ﷺ: гьеб жидеца бицунеб хабаралъе гъоркье чIарав чи щив вугев абун гьеб къотIи гьезие тIубазе гьабулев!** سَلۡهُمۡ أَيُّهُم بِذَٰلِكَ زَعِيمٌ ۝٤٠

ГьечIо гьезие къотIи тIубазе гьабизе гъоркье чIолев чи.

**41. Яги гьезул гIахьалчагIийищ ругел гьезие квербакъи гьабулел? Хъанчал ва алагьзаби ратани жидее квербакъи гьабулел, гьелги рачун рачIа абе гьел мушриказда: дуда гьел рихьизе ва гьез гьабулеб пиша бихьизе, гьел битIараб жо бицунел ратани.** أَمۡ لَهُمۡ شُرَكَآءُ فَلۡيَأۡتُواْ بِشُرَكَآئِهِمۡ إِن كَانُواْ صَٰدِقِينَ ۝٤١

**42. Дуца къавмалъе рехсе МухIаммад ﷺ, жиндир хIинкъи ва къварилъи цIикIараб къиямасеб къоялъул хабар: Гьеб къоялъ капурзаби ахIула жидер бетIергьанасе сужда гьабе абун, амма гьезда сужда гьабизе кIоларо.** يَوۡمَ يُكۡشَفُ عَن سَاقٍ وَيُدۡعَوۡنَ إِلَى ٱلسُّجُودِ فَلَا يَسۡتَطِيعُونَ ۝٤٢

Гьезул гьод цогояб тIил гIадаб жо лъугьула ва гьезда гIодоре къулизе кIоларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисалда буго: *«Къиямасеб къоялъ щивав муъминчияс ва муъминчIужуялъ Аллагьасе* جَلَّ جَلَالُهُ *сужда гьабула. Дунялалъул рукъоб гIадамазе гIоло жидеца сужда гьабулеллъун рукIарал гIадамал сужда гьабизе абун лъугьараб мехалъ гьел гIодоре къулизе кIвечIого хутIула, ва гьезул гьодги цохIо хъарщи гIадин лъугьуна»* - абун. ХIадис имам Бухарияс бицана.

**43. Гьеб къоялъ капурзаби рукIуна цIакъ жал хIинкъун, жидер берал Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **хIелун, гьел гIодорегIанлъиялъулъ тIерхьунги рукIуна.** خَٰشِعَةً أَبۡصَٰرُهُمۡ تَرۡهَقُهُمۡ ذِلَّةٌۖ وَقَدۡ كَانُواْ يُدۡعَوۡنَ إِلَى ٱلسُّجُودِ وَهُمۡ سَٰلِمُونَ ۝٤٣

**ХIакълъунго гьел дунялалда сах-саламат ругеб мехалъ Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **сужда гьабиялде ахIун рукIана.**

Аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ ритIун, тIахьалги рещтIине гьарун, гьел ахIун рукIана жидер бетIергьан Аллагьасе гIибадат гьабиялде. Гьез чIухIи гьабун букIана, гьезда ахират букIинаро абунги ккун букIана. Гьанже ахираталда сужда гьабизе бокьун бугониги гьезда гьеб сужда гьабизе кIоларо.

**44. Дуца Дунги, гьаб Дир Къуръан гьереси гьабулел капурзабиги те МухIаммад ﷺ ! Дица гьел жидедаго лъачIого Дир нигIматаздалъун гуккун купруширкалъулъ халат гьарила.**

فَذَرۡنِي وَمَن يُكَذِّبُ بِهَٰذَا ٱلۡحَدِيثِۖ سَنَسۡتَدۡرِجُهُم مِّنۡ حَيۡثُ لَا يَعۡلَمُونَ ﴿٤٤﴾

Капурзабазде ракIалде ккола жидее кьурал нигIматал, сахлъи ва агьлу хъизан жал Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рокьиялъ кьураб буго абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие нигIматал кьола гьез мунагьал гьарунщинахъе. Гьез щукру гьабуларо, мунагьал толаро ва гьеб сабаблъун гьезие ахираталда гIазабги цIикIкIуна.

**45. Дица гьезул гIумруги халат гьабула гьезул мунагьал жегиги гIемерлъизе. Гьединаб макру буго дир капурзабазе гьабулеб. Дир гьездаса ццим босиги цIакъ гучаб букIуна.**

وَأُمۡلِي لَهُمۡۚ إِنَّ كَيۡدِي مَتِينٌ ﴿٤٥﴾

**46. Яги дуца гьездаса ажру-мухь тIалаб гьабулебищ бугеб, МухIаммад ﷺ,** гьезухъе хIакъаб Исламияб дин щвезе гьабун гьел Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялде ахIиялде данде, **цинги гьел гьеб мухь кьезе кIоларого иман лъечIого чIезе?**

أَمۡ تَسۡـَٔلُهُمۡ أَجۡرٗا فَهُم مِّن مَّغۡرَمٖ مُّثۡقَلُونَ ﴿٤٦﴾

**47. Яги гьезда аскIоб ЛавхIулмахIфузищ бугеб жидеца гьенисан балъгояб жо хъвалеб?**

أَمۡ عِندَهُمُ ٱلۡغَيۡبُ فَهُمۡ يَكۡتُبُونَ ﴿٤٧﴾

Жидеде гьеб ЛавхIул-махIфузалда хъван батун лъалебищ бугеб жал муъминзабаздаса лъикIал рукIин?

**48. Дуца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукмуъадаралда сабру гьабе, МухIаммад ﷺ !**

فَٱصۡبِرۡ لِحُكۡمِ رَبِّكَ وَلَا تَكُن كَصَاحِبِ ٱلۡحُوتِ إِذۡ نَادَىٰ وَهُوَ مَكۡظُومٞ ﴿٤٨﴾

Гьел мушриказ дуе гьабулеб къварилъи бачче ва дуда тIадкъараб рисалатги тIубазе гьабе. **Мун ччугIил чохьониве ккарав Юнус аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ релълъунги вукIунге, жив цIакъ пащманлъун ва ракIкъварилъун Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ ахIарав.** Жиндир къавмалда ццим бахъун гьезда гьоркьоса нахъе арав, цинги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ччугIил чохьониве ккезе гьавурав, цинги жив Аллагьасдеги جَلَّ جَلَالُهُ гьардарав.

**49. Гьев Юнус аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гурхIел нахърегIун букIинчIебани гьев ралъдалъан къватIиве бакъвараб авлахъалде рехизе вукIана ва жив какарав, жинда гIайиб чIваравлъунги вукIине вукIана.**

لَّوۡلَآ أَن تَدَٰرَكَهُۥ نِعۡمَةٞ مِّن رَّبِّهِۦ لَنُبِذَ بِٱلۡعَرَآءِ وَهُوَ مَذۡمُومٞ ﴿٤٩﴾

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесда гурхIел гьабуна, гьесда тавбу гьаби ракIалде рехана ва жинца гьесул тавбу къабулги гьабуна.

**50. Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьев Юнус** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **тIаса вищана ва гьев лъикIал гIадамаздасаги гьавуна.**

فَٱجْتَبَٰهُ رَبُّهُۥ فَجَعَلَهُۥ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٥٠﴾

Жинда гIагар гьарурал, жив разиял гIадамаздаса гьавуна.

**51. Гьел капурзаби мун жидер бераз кваназе гIагарлъулел руго, МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ**, гьел бераздалъун мун хвезе гьавизе бокьунги руго.**

وَإِن يَكَادُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَيُزْلِقُونَكَ بِأَبْصَٰرِهِمْ لَمَّا سَمِعُواْ ٱلذِّكْرَ وَيَقُولُونَ إِنَّهُۥ لَمَجْنُونٌ ﴿٥١﴾

**Жидеда гьаб Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ гьез абулебги буго: «Гьав МухIаммад жундуца ккурав чи вуго» абун.**

**52. Гьаб хирияб Къуръан кинабго халкъалъе вагIзалъун гурого гьеч1о.**

وَمَا هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَٰلَمِينَ ﴿٥٢﴾

Хирияв аварагасе صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ мугIжизатлъунги буго. Гьаб Къуръан жинда рещтIине гьабурав МухIаммадги صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ бищунго хирияв авараг вуго. Гьев аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ кинха мушриказ абулеб гьев жундуца ккурав чи вуго абун?

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Къаламалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 69. Суратул ХIáкъат

سُورَةُ الحَاقَّةِ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила кIиго аят бугеб.*

*Гьаб хирияб суратги Маккаялда жиб рещтIине гьабураб бугелъул гьалда жаниб бицен гьабулеб буго Исламияб диналъул аслабазул: Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, ахират букIиналда иман лъей, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьари. Аслияб бахIс буго гьаб хирияб Къуръан жиб ритIухъаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам букIин чIезе гьаби. Къиямасеб къоялъул ва гьенир ругел къварилъабазул бицун буго. Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ гьесул расулалги гьереси гьарурал къавмазе лъугьараб жо бицун ГIадил, Самудил, ЛутIил, ПиргIавнил, НухIил къавмазул бицун буго.*

*Жидер бахьи бугел муъминзабазул ва бахьи къосарал капурзабазул хIал бицун буго, жал къосарал мушрикаца жинда гIунтIизе гьарулел гIайибаздаса Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварг вацIцIадав вукIинги баян гьабун буго.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1. **Къиямасеб къо жиб букIин хIакъаб буго.** ٱلْحَآقَّةُ ﴿١﴾
2. **Щибха бугеб гьеб Къиямасеб къо?** مَا ٱلْحَآقَّةُ ﴿٢﴾
3. **Дуда щибха лъалеб, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьеб щиб къо бугеб?** Дуда гьеб жегиги бихьун гьечIелъул, гьелъул г1акъуба-гIазабги жиндие сипат гьабизе кIолареб бугелъул. وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا ٱلْحَآقَّةُ ﴿٣﴾
4. **Самудиязги ГIáдил къавмальги гьереси гьабуна жинца ракIал рихъизе гьарулеб Къиямасеб къо.** كَذَّبَتْ ثَمُودُ وَعَادٌۢ بِٱلْقَارِعَةِ ﴿٤﴾
5. **Амма СсалихI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавм самудиял гьалаг гьаруна гучаб гьаракьалъул гIазабалдалъун.** فَأَمَّا ثَمُودُ فَأُهْلِكُوا۟ بِٱلطَّاغِيَةِ ﴿٥﴾
6. **Ва амма Гьуд аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къавм гIадилал гьалаг гьаруна жиб свер-сверун пулеб гучаб гьуриялъул гIазабалдалъун.** وَأَمَّا عَادٌ فَأُهْلِكُوا۟ بِرِيحٍ صَرْصَرٍ عَاتِيَةٍ ﴿٦﴾

**Жиб гIорхъолъан борчIараб, жинда данде чIезе щибго жоялда кIолареб.**

سَخَّرَهَا عَلَيْهِمْ سَبْعَ لَيَالٍ وَثَمَٰنِيَةَ أَيَّامٍ حُسُومًا فَتَرَى ٱلْقَوْمَ فِيهَا صَرْعَىٰ كَأَنَّهُمْ أَعْجَازُ نَخْلٍ خَاوِيَةٍ ٧

**7. ГIадилазде тIаде гьеб гьури пуна, жинца гьел т1аг1изарулеб, анкьго сордоялъги микьго къоялъги тIатIалаго, жиб гьоркьоса къотIичIого. Дуда гьеб къавмги бихьилаан, я гьав инсан, жидерго бакIазда хун гIодор ккаралльун. Кьолболъан рахъун рехарал чамастакил гъутIбузда релълъун,** жал жаниса гьодорал жидер бутIрул тIаса ратIалъун ругел.

فَهَلْ تَرَىٰ لَهُم مِّنۢ بَاقِيَةٍ ٨

**8. Дуда гьал къавмазул нахъе хутIарав чиго вихьулищха, я гьав инсан!**
Гьез нахъе тараб асарги бихьулищ? Щибниги жо бихьуларо дуда. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезул рижи бакъвазе гьабуна ва наслу тухум тIагIине гьабуна.

وَجَآءَ فِرْعَوْنُ وَمَن قَبْلَهُۥ وَٱلْمُؤْتَفِكَٰتُ بِٱلْخَاطِئَةِ ٩

**9. ПиргIавнги, гьесдасан цере рукIарал къавмалги, жидер росаби кIалагъоркье сверизе гьарурал ЛутIил къавмги жидеца куфру ва гIасилъи гьабулел къавмал рукIана.**

فَعَصَوْا۟ رَسُولَ رَبِّهِمْ فَأَخَذَهُمْ أَخْذَةً رَّابِيَةً ١٠

**10. Гьел жидеде витIарав аварагасдеги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **гIасилъана. Гьесда нахърилълъинчIо ва гьесие къварилъи гIазаб гьабизе ургъана. Цинги Дица гьел къавмал гучаб ва жиб цIикIараб гIазабалдалъун ккуна.** Гьезул мунагьал ва къабихIал пишаби цогидал умматазулалдаса гIемерал руголъидал дица гьезие гIазабги цогидазеялдаса цIикIараб гьабуна.

إِنَّا لَمَّا طَغَا ٱلْمَآءُ حَمَلْنَٰكُمْ فِى ٱلْجَارِيَةِ ١١

**11. Х1акълъунго ТIупан тIун лъим гIемерлъидал ва гьеб кинабго жоялда тIад бахиндал, Дица нужер умумул, НухIил агьлу, гамида тIад рекIине гьарун хвасар гьаруна.**

لِنَجْعَلَهَا لَكُمْ تَذْكِرَةً وَتَعِيَهَآ أُذُنٌ وَٰعِيَةٌ ١٢

**12. Гьеб амру Дица гьабуна нужеца гьелдаса вагIза босизе ва гьеб вагIза жинца жаниб жо цIунулеб гIиналъ жаниб цIунун хадуб цогидаздаги бицине.**

Гьел цересел умматаз гьарурал гIадал мунагьал гьаруни нужги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьалаг гьарулеблъи нужеда лъазе ва нуж Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъизе.

فَإِذَا نُفِخَ فِى ٱلصُّورِ نَفْخَةٌ وَٰحِدَةٌ ١٣

**13. Гьаб дунял паналъизе Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **амруялдалъун Исрапил малаикас цохIо нухалъ ссуралъубе пураб мехалъ.**

وَحُمِلَتِ ٱلْأَرْضُ وَٱلْجِبَالُ فَدُكَّتَا دَكَّةً وَٰحِدَةً ﴿١٤﴾

**14. Цинги мугIрулги ракьги тIаде борхун цоцалъ кьабун цохIо майданлъун гьабун битIизе гьабураб мехалъ.**

فَيَوْمَئِذٍ وَقَعَتِ ٱلْوَاقِعَةُ ﴿١٥﴾

**15. Гьеб къо буго жиндилъ Къиямасеб къо чIолеб къо.**

وَٱنشَقَّتِ ٱلسَّمَآءُ فَهِىَ يَوْمَئِذٍ وَاهِيَةٌ ﴿١٦﴾

**16. Зобалги рихъун, хъвалхьун уна,гьелги цIакъ загIипаллъун лъугьуна.**

وَٱلْمَلَكُ عَلَىٰٓ أَرْجَآئِهَا وَيَحْمِلُ عَرْشَ رَبِّكَ فَوْقَهُمْ يَوْمَئِذٍ ثَمَٰنِيَةٌ ﴿١٧﴾

**17. Гьеб къоялъ малаикзабиги зобалазул рагIаллъабазда чIун рукIуна.** Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тIадегIанлъи ва къудрат бихьун, гьесдаса хIинкъун. **Гьеб къоялъ дур Бет1ергьан Аллагьасул ГIарщ жидеца тIаде борхун баччуна микьго малаикас.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Малаикзабазул микьго мухъ букIуна жидеца гIарщ баччун ругел, гьезул рикIкIенги цохIо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ лъала»-абун.

يَوْمَئِذٍ تُعْرَضُونَ لَا تَخْفَىٰ مِنكُمْ خَافِيَةٌ ﴿١٨﴾

**18. Гьеб къоялъ хIисаб-мизан гьабизе нуж цере чIезе гьарула** кинабго ханлъи ва кIодолъи жиндие бугев тIадегIанав Аллагьасда. **Нужер цонигияв ва цониги г1амал гьеб къоялъ балъго хутIуларо.**

فَأَمَّا مَنْ أُوتِىَ كِتَٰبَهُۥ بِيَمِينِهِۦ فَيَقُولُ هَآؤُمُ ٱقْرَءُوا۟ كِتَٰبِيَهْ ﴿١٩﴾

**19. Амма Жиндир гIамал хъвараб кагъат кваранисан кьурав чияс цIакъ воххун абула: «Гьая, рачIа гьаб кагъат цIализе!**

إِنِّى ظَنَنتُ أَنِّى مُلَٰقٍ حِسَابِيَهْ ﴿٢٠﴾

**20. Дида якъинго лъалеб букIана х1акълъунго дица гьаб хIисаб-мизан гьабиялде дандечIвай гьабизе букIин** ва дица гьелда рекъараб гIамалги гьабун букIана» - абун.

فَهُوَ فِى عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ﴿٢١﴾

**21. Гьев муъминчи жинда разияб, жиб тIаса унареб чIаголъиялда вукIуна.**

فِى جَنَّةٍ عَالِيَةٍ ﴿٢٢﴾

**22. ТIадегIанал алжаназда жанив.**

قُطُوفُهَا دَانِيَةٌ ﴿٢٣﴾

**23. Гьел алжаназул пихъалги гьеcда гIагардаго рукIуна.**

Щиб хIалалда гьев вугониги, гьесул квералъ босулеб бакIалда букIуна.

كُلُوا۟ وَٱشْرَبُوا۟ هَنِيٓـًٔۢا بِمَآ أَسْلَفْتُمْ فِى ٱلْأَيَّامِ ٱلْخَالِيَةِ ﴿٢٤﴾

24. Гьел муъминзабазде абула: «**Нужеца гьал тIагIамал нигIматал кванаe, лазатал гьекъолел жалги гьекъе, нужее щибго**

**зарал гьеч1ел!**

**Гьеб нужее Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахъалъан бугеб цIоб-рахIмат буго, нужеца дунялалда ругеб мехалъ гьарурал лъикIал гIамалазде данде» - абун.**

**25. Ва амма жиндир гIамал хъвараб кагъат квегIаб рахъалъан кьурав чияс гьеб къоялъ абула: «Вай Аман, гьаб кагъат дихъе кьунго букIинчIебани!** وَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَٰبَهُۥ بِشِمَالِهِۦ فَيَقُولُ يَٰلَيْتَنِى لَمْ أُوتَ كِتَٰبِيَهْ ﴿٢٥﴾

**26. Гьаб хIисаб-мизан щиб бугебги, гьалъул захIмалъиги дида лъанго букIинчIебани»** وَلَمْ أَدْرِ مَا حِسَابِيَهْ ﴿٢٦﴾

**27. «Вай Аман, дир дунялалда букIараб хвел ахираб букIарабани, жинда хадуб гьаб тIаде рахъине гьари ва хIисаб-мизан гьечIеб».** يَٰلَيْتَهَا كَانَتِ ٱلْقَاضِيَةَ ﴿٢٧﴾

**28. «Дие щибго кумек гьабулеб гьечIо дица данде гьабун букIараб боцIи-малалъ».** مَآ أَغْنَىٰ عَنِّى مَالِيَهْ ۜ ﴿٢٨﴾

**29. Дидасан кинабго ханлъиги т1аса ун буго» - абун.** هَلَكَ عَنِّى سُلْطَٰنِيَهْ ﴿٢٩﴾

Дие квербакъи гьабизе кIолев гьудул-гьалмагъги гьечIо, дир насаб тухумалъги ва къадру-къиматалъги жакъа щибго кумек гьабулеб гьечIо.

**30. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малаикзабазда амру гьабула: «Нужеца гьев чи ккве ва гьесда гудрал, рахсалги рай.** خُذُوهُ فَغُلُّوهُ ﴿٣٠﴾

**31. Цинги гьев жужахIалде жаниveги рехе!** ثُمَّ ٱلْجَحِيمَ صَلُّوهُ ﴿٣١﴾

**32. Цинги нужеца гьесул нахъияб рахъалдаса жаниб хун кIалдиса къватIибе бахъе лъабкъоялда анцIго натI халалъи бугеб рахас.** ثُمَّ فِى سِلْسِلَةٍ ذَرْعُهَا سَبْعُونَ ذِرَاعًا فَٱسْلُكُوهُ ﴿٣٢﴾

**33. Гьаб гучаб гIазаб гьесие гьабиялъе сабаб буго: х1акълъунго гьес тIадегIанав Аллагьасда иман лъун букIинчIо.** إِنَّهُۥ كَانَ لَا يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ ٱلْعَظِيمِ ﴿٣٣﴾

**34. Гьес жиндирго напс гьесизе гьабулеб букIинчIо мискин-пакъирав чиясе тIагIам кьеялде, гьеб тIагIам кье абун цогидаздаги абулеб букIинчIо.** وَلَا يَحُضُّ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلْمِسْكِينِ ﴿٣٤﴾

**35. Жакъа гьесие гьеб жужахIалда жанив гьудул-гьалмагъ гьечIо.** فَلَيْسَ لَهُ ٱلْيَوْمَ هَٰهُنَا حَمِيمٌ ﴿٣٥﴾

**36. ЖужахIалъул агьлуялъул хьверд-рецIцI гуреб (гъислин) жиндие цоги тIагIамги гьечIо.** وَلَا طَعَامٌ إِلَّا مِنْ غِسْلِينٍ ﴿٣٦﴾

لَّا يَأْكُلُهُۥٓ إِلَّا ٱلْخَٰطِـُٔونَ ﴿٣٧﴾

**37. Гьеб махIцараб, инжитаб тIагIам кваналаро жидеца мунагьал гьарурал, жидее жужахI хIакълъараб агьлуялъ гурони.**

Дунялалъул рукъов вугеб мехалъ мискин-пакъирасе тIагIам кьезе бахиллъарав, гьезие лъикIлъи гьабизе чIухIарав чиясе бугеб квен буго гьеб жужахIалъул гъислин. Аллагьас ﷻ цIунаги гьеб кваназе ккеялдаса.

فَلَآ أُقْسِمُ بِمَا تُبْصِرُونَ ﴿٣٨﴾

**38. ТIадегIанав Аллагь гьедулев вуго кинабниги жиб бихьулеб жоялдалъун.**

وَمَا لَا تُبْصِرُونَ ﴿٣٩﴾

**39. Ва жиб бихьулареб жоялдалъунги.**

إِنَّهُۥ لَقَوْلُ رَسُولٍ كَرِيمٍ ﴿٤٠﴾

**40. Х1акълъунго гьаб хирияб Къуръан Аллагьасе ﷻ хирияв расулас ﷺ цIалулеб калам буго абун.**

وَمَا هُوَ بِقَوْلِ شَاعِرٍ ۚ قَلِيلًا مَّا تُؤْمِنُونَ ﴿٤١﴾

**41. Гьаб Къуръан щигIру гьечIо ва щагIирас цIалулебги гьечIо.**

**Гьеб Къуръаналда иман лъолев чи нужер цIакъ дагьав гурони гьечIо.**

وَلَا بِقَوْلِ كَاهِنٍ ۚ قَلِيلًا مَّا تَذَكَّرُونَ ﴿٤٢﴾

**42. Жинда балъгояб жо лъала абун жидеца гьереси бицунел кагьанатазул рагIиги гьечIо гьаб Къуръан.**

**Гьелъул вагIза босулел гIадамалги цIакъ дагь гурони гьечIо.** Нужеца гьаб Къуръаналда иман лъолеб гьечIо ва гьелъул вагIзаги босулеб гьечIо абураб магIна буго гьеб кIиго аяталъул.

تَنزِيلٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٤٣﴾

**43. Гьеб Къуръан буго Кинабго гIаламалъул БетIергьанас рещтIине гьабураб.**

وَلَوْ تَقَوَّلَ عَلَيْنَا بَعْضَ ٱلْأَقَاوِيلِ ﴿٤٤﴾

**44. Гьаб Къуръаналда жаниб МухIаммадица ﷺ жиндирго рахъалъан щибго жо бицун букIарабани ва гьеб Дир калам бугоян абун букIарабани,**

لَأَخَذْنَا مِنْهُ بِٱلْيَمِينِ ﴿٤٥﴾

**45. Дица гьев дир къуватаб рецIел босиялдалъун ккелаан,**

ثُمَّ لَقَطَعْنَا مِنْهُ ٱلْوَتِينَ ﴿٤٦﴾

**46. Цинги дица гьесул рекIел бидурихьалги къотIун рехилаан.** Дица гьев хвезе гьавилаан.

فَمَا مِنكُم مِّنْ أَحَدٍ عَنْهُ حَٰجِزِينَ ﴿٤٧﴾

**47. Гьеб жо Дица Дир аварагсе гьабулеб мехалъ гьев Дир ццим босиялдаса цIунизе кIолев цониги чиги гьечIо нужеда гьоркьов.**

وَإِنَّهُۥ لَتَذْكِرَةٌ لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٤٨﴾

**48. Х1акълъунго гьаб хирияб Къуръан буго Аллагьасдаса ﷻ хIинкъулел гIадамазе**

**вагIзалъун жиб бугеб.**

**49. Х1акълъунго Дида лъала нужеда гьоркьоб гьеб Къуръан жидеца гьереси гьабулел гIадамал рукIин.**

وَإِنَّا لَنَعۡلَمُ أَنَّ مِنكُم مُّكَذِّبِينَ ٤٩

**50. Х1акълъунго гьаб Къуръан Къиямасеб къоялъ капурзаби цIакъ хIасрат гьарулеб ва пащман гьарулеб жоги буго:**

وَإِنَّهُۥ لَحَسۡرَةٌ عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ ٥٠

Гьелда иман лъурал муъминзабазе бугеб даража-макъам бихьараб мехалъ капурзабазул цIакъ ракI бакъвала ва гьел пащманлъула.

**51. Жиб хIакъаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, гьаб гIаламалъул БетIергьанав Аллагьасул калам жиб букIин якъинаб жоги буго гьаб Къуръан.**

وَإِنَّهُۥ لَحَقُّ ٱلۡيَقِينِ ٥١

**52. Дуца жив кIудияв ва т1адегIанав БетIергьан Аллагь вацIад гьаве гьесда рекъоларебщинаб жоялдаса.**

فَسَبِّحۡ بِٱسۡمِ رَبِّكَ ٱلۡعَظِيمِ ٥٢

Ва гьесул кIудиял нигIматазде данде гьесие щукруги гьабе. Гьел нигIматазул бищунго кIудияб буго гьаб Къуръанги.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул ХIáкъаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 70. Суратул МагIáриж

سُورَةُ المَعَارِجِ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб кIикъоялда ункъго аят бугеб.*

*Гьаб хирияб суратalъ аслияб хIалалъ бицунеб буго Къиямасеб къо чIеялъул ва гьеб къоялъул хIинкъабазул. Ахиратaлда муъминзабазе букIунеб рахIат-лазаталъул, капурзабазе букIунеб гIазаб-къварилъиялъулги бицунеб буго. Маккаялъул Мушрикаца ахират букIин ва хварал чIаго гьарун тIаде рахъине гьариялда инкар ккведлъулги, гьез Аллагьасул* جَلَّجَلَالُهُ *расуласул дагIват махсароде гьабиги бицунеб буго. Инсанасул тIабигIат бицун, гьесул загIиплъи ва сабру дагьлъиги бицунеб буго.*

*Сураталъул ахиралда тIадегIанав Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьа гьедун абулеб буго тIаде рахъине гьариги, хIисаб-мизан ва жазаъ гьабиги жиб букIин хIакъаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амро буго абун.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1.2. Маккаялъул мушриказдаса цо гьарулев чияс гьарана жиб капурзабазда рещтIинчIого чIолареб, жиб рещтIараб мехалъ гьеб нахъе чIвазе кIолев щивго чи гьечIеб гIазаб рещтIине гьабе абун.**

سَأَلَ سَائِلٌ بِعَذَابٍ وَاقِعٍ ﴿١﴾
لِّلْكَافِرِينَ لَيْسَ لَهُ دَافِعٌ ﴿٢﴾

ГIалимзабаца абуна: Гьев жинца гIазаб рещтIине гьаби гьарарав чи вуго Анназар ибнул ХIарис, къурайшиязул ханзабаздаса ва гьезул бищунго къосарал гIадамаздасан жив вугев. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесие хIинкъи кьураб мехалъ мун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъа абун, гьев чияс хирияв авараг صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ махсароде гьавун абуна: «Я дир Аллагь, гьав МухIаммадица бицунеб жо дудаса жиб бугеб батани, дуца нижеде тIаде зодиса ганчIазул цIад базе гьабе, яги нижее цоги жинца унтизе гьабулеб гIазаб гьабе!» - абун. Гьев чи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Бадруялъул рагъулъ квешаб хвелалдалъун хвезе гьавуна ва гьав какун Къуръаналда аятги рещтIине гьабуна. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**3. Гьеб гIазаб рещтIине гьаби зобалазда ругел нухазул БетIергьан Аллагьасдаса буго.**

مِّنَ اللَّهِ ذِي الْمَعَارِجِ ﴿٣﴾

Капурзабаца гьеб гӀазаб рещтӀине гьабе абуниги, рещтӀине гьабуге абуниги, гьезул рагӀиялда бараб щибго жо гьечӀо.

تَعْرُجُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَٱلرُّوحُ إِلَيْهِ فِى يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهُۥ خَمْسِينَ أَلْفَ سَنَةٍ ﴿٤﴾

**4. Гьел нухалги руго жидедаса тӀаде Аллагьасде ﷻ гӀагарде малаикзаби рахунел, Жабраил малаикги вахунеб. КӀикъоялда анцӀазарго сонгӀан жиб халатаб.**

Гьеб къоялъ капурзаби жужахӀалде жанирсги лъугьине гьарун абадияб гӀазабалъулъ рукӀине. Гьаб Къиямасеб къоялъул халалъи жиндир гӀорхъи гьечӀеб ва ахир гьечӀеб буго. ТӀадегӀанав Аллагьас капурзабазе букӀунеб гӀакъуба-къварилъи бицунеб мехалъ гьеб къо цӀакъ халатаб буго абула, гьелдалъун капурзаби гьеб къоялъул гӀазабалдаса хӀинкъизе бокьун.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагӀидил Худриясдаса бицараб хӀадисалда буго: *«Цо асхӀабас Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана: «Ярасулаллагьи! Гьеб къоялъул халалъиго щиб?» - абун. Аварагас ﷺ абуна: «Дир напс кодоб бугев Алллагьасул цӀаралдалъун гьедулев вуго дун; Аллагьас ﷻ гьеб къо муъминзабазе цӀакъ бигьа гьабула. Гьеб къо муъминчиясе жинца дунялалда цо паризаяб как балаго балеб букӀараб заманалдасаги бигьаяб букӀуна»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

فَٱصْبِرْ صَبْرًا جَمِيلًا ﴿٥﴾

**5. Дуца сабру гьабе, МухӀаммад ﷺ, берцинаб сабру гьабиялъ!**

Гьел мушриказ мун махсароде гьавиялдаги, гьезул зараралдаги, гьезухъе Исламияб дин щвезе гьабиялдаги дуца сабру гьабе. ТӀадегӀанав Аллагьас дуе квербакъи гьабизе букӀин хӀакъаб жо буго.

АлкъуртӀуби абулев гӀалимас абуна: «Берцинаб сабру букӀуна жиндилъ зигарди, щибго чӀвачӀвади, рахӀат хвей гьечӀеб, жиндир зигараги цохӀо Аллагьасдехун ﷻ гурони букӀунареб» - абун. Гьаб берцинаб сабруялъе цӀакъ берцинаб мисал буго: Ибрагьим авараг عليه السلام Намрузица цӀадаве рехараб мехалъ гьесда тӀаде Жабраил малаик ваккана ва гьес абуна: «Дур кинабгӀаги хӀажат бугищ?» - абун. Ибрагьим аварагас عليه السلام абуна: «Дудехун дир кинабгӀаги хӀажат гьечӀо» - абун. ТӀадегӀанав Аллагьасде жив хӀажатав вукӀин, гьев Аллагь ﷻ гурев цоги щивго чиясда жив хӀажатав гьечӀеблъи загьир гьабулеб буго гьеб рагӀиялъ.

إِنَّهُمْ يَرَوْنَهُۥ بَعِيدًا ﴿٦﴾

**6. Х1акълъунго гьел капурзабазда жидеде рещтӀунеб гӀазаб цӀакъ рикӀкӀадаб жолъун бихьулеб буго,** гьел гьеб гӀазаб рещтӀиналде божулел гьечӀелъул.

7. **Амма Дида гьеб цIакъ гIагарда бугеб жолъун бихьулеб буго.** Гьеб г1азаб бугелъул жиб букIин хIакъаб. وَنَرَىٰهُ قَرِيبًا ﴿٧﴾

8. **Гьеб Къиямасеб къо буго биараб тIохьи гIадин зобал рукIунеб,** яги бухIараб нахул гъоркь хутIараб жо гIадин: жал тамахлъун цо бакIалда чIоларого. يَوْمَ تَكُونُ ٱلسَّمَآءُ كَٱلْمُهْلِ ﴿٨﴾

9. **Самараб квас гIадин мугIрулги рукIунеб.** وَتَكُونُ ٱلْجِبَالُ كَٱلْعِهْنِ ﴿٩﴾

10. **Цониги гьудулас жиндир гьудуласул хIалги цIехолареб.** وَلَا يَسْـَٔلُ حَمِيمٌ حَمِيمًا ﴿١٠﴾
ГIагарав чияс гIагарав чиясул хIал цIехолареб. Щивав чи жиндир напсалъул ургъалида вукIунеб къо буго гьеб.

11. **Жидеда гьел гьудулзаби ва гIагарал чагIи рихьулелги рукIуна.** يُبَصَّرُونَهُمْ يَوَدُّ ٱلْمُجْرِمُ لَوْ يَفْتَدِى مِنْ عَذَابِ يَوْمِئِذٍۭ بِبَنِيهِ ﴿١١﴾
Гьедин бугониги гьел цоцазе кумек гьабизе, гьезул хIал цIехезе лъугьунаро, гьез цоцадаса лъутизе ва рахчIизе яхI бахъула. **Гьеб къоялъ капурчиясда ракIалде кола дирго васалги кьун дун гьаб гIазабалдаса ворчIулев аниц абун.**

12. **Жиндир чIужу ва вац кьунги,** وَصَٰحِبَتِهِۦ وَأَخِيهِ ﴿١٢﴾

13. **Жиндие кумек гьабулел рукIарал жиндир киналго гIагарал гIадамал кьунги жив гьеб гIазабалдаса хвасарлъулев аниц абун.** وَفَصِيلَتِهِ ٱلَّتِى تُـْٔوِيهِ ﴿١٣﴾

14. **Ракьалда бугебщинаб кинабго халкъ кьунги жиндир напс жужахIалъул гIазабалдаса хвасар гьабизе хIадурун вукIуна капурчи гьеб къоялъ.** وَمَن فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا ثُمَّ يُنجِيهِ ﴿١٤﴾
Жакъа дунялалда гьев ахIмакъасдаса тIалаб гьабулеб щибго жо гьечIо: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун, гьесие гIибадат гьаби гуреб. Гьеб гIибадат гьаби абураб жоги щибго жиндилъ захIмалъи гьечIеб, жиндирго черхалъе ва напсалъе мунпагIат ва маслахIат бугеб жо гьаби буго. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIунаги нилъ иман бахъиналдаса ва гьеб капураб къавмалъул макъамалде ккеялдаса.

15. **Кисанха гьесие хвасарлъи букIунеб?!** كَلَّآ ۖ إِنَّهَا لَظَىٰ ﴿١٥﴾
Гьанже гьеб хьул лъеялъ гьесие щибго кумек гьабуларо! **ЦIакъ лагь-лагьунеб жужахIалъул цIа буго гьесие бугеб гIазаб.**

16. **Жинца бетIералъул ва гьумералъул тIомги гьанги бахъулеб.** نَزَّاعَةً لِّلشَّوَىٰ ﴿١٦﴾

Гьеб гьан бежун, биун тІагІанщинахъе цІияб бижине гьабула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ва цингиги бежун, биун ине гьабула.

**17. Гьеб жагьаннама хадуб лъугьуна жидеца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккурал, гьесул расулал гьереси гьарурал гІадамазда.** تَدْعُوا۟ مَنْ أَدْبَرَ وَتَوَلَّىٰ ﴿١٧﴾

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГІаббасица абуна: «Щивав капурчиясул ва мунапикъасул цІар-цІарккун ахІула ва гІанкІуялъ мугьал гІадин жинда жанире къулчІула» - абун.

**18. Жинца гІемераб боцІи-мал бакІарарав, цинги гьеб бахчун, гьелдаса закат-сахІ кьечІев чиясда хадубги лъугьуна.** Гьаб аяталъ хІинкъи кьолеб буго жидеца дунялалъул магІишат тІалаб гьабулел ва гьелдаса паризаяб закатги суннатаб садакъаги кьоларел гІадамазе. وَجَمَعَ فَأَوْعَىٰٓ ﴿١٨﴾

**19. ХІакълъунго инсан вижун вуго жив хехавлъун, сабру дагьавлъун.** ۞إِنَّ ٱلْإِنسَٰنَ خُلِقَ هَلُوعًا ﴿١٩﴾

**20. Жинда дагьабго къварилъи хъатІаниги жив чІвачІвадулев.** إِذَا مَسَّهُ ٱلشَّرُّ جَزُوعًا ﴿٢٠﴾

**21. Жиндие лъикІлъи щвараб мехалъ гьеб цохІо жиндиего кквезе лъугьунев.** وَإِذَا مَسَّهُ ٱلْخَيْرُ مَنُوعًا ﴿٢١﴾

Гьелдалса паризаяб закат кьоларев, суннатаб садакъаги кьоларев.

**22. Жидеца как балел гІадамал гьечІо гьел какарал сипатал жидер ругел.** إِلَّا ٱلْمُصَلِّينَ ﴿٢٢﴾

**23. Жидеца рукугІ-сужда камил гьабун щибаб гІужда паризаяб как баялда жал тІад чІарал.** ٱلَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ دَآئِمُونَ ﴿٢٣﴾

**24.25. Жидер боцІи-малалъулъ пакъирасе ва жинда гьарарасе кьолеб хасаб бутІа бугев, паризаяб закат жинца кьолев ва суннатаб садакъаги кьолев.** وَٱلَّذِينَ فِىٓ أَمْوَٰلِهِمْ حَقٌّ مَّعْلُومٌ ﴿٢٤﴾ لِّلسَّآئِلِ وَٱلْمَحْرُومِ ﴿٢٥﴾

**26. Жидеца Къиямасеб къо букІине букІинги ритІухъ гьабулел.** وَٱلَّذِينَ يُصَدِّقُونَ بِيَوْمِ ٱلدِّينِ ﴿٢٦﴾

**27. Жидер БетІергьан Аллагьасул гІазаб жидеде щвеялдаса жал хІинкъунги рукІунел.** وَٱلَّذِينَ هُم مِّنْ عَذَابِ رَبِّهِم مُّشْفِقُونَ ﴿٢٧﴾

**28. Х1акълъунго гьеб Аллагьасул гІазаб буго жиб щвеларо абун жинда божи гьечІеб.** إِنَّ عَذَابَ رَبِّهِمْ غَيْرُ مَأْمُونٍ ﴿٢٨﴾

Щайт1аналъ, гьава-напсалъ инсан ц1акъ хехго гуккизе бегьула ва жиндие г1азаб гьаби т1алъулеб г1амал гьабиялда вачине бегьула. Гьедин бугелъул муъминчи кидаго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азаб жинди щвеялдаса х1инкъун вук1ине ккола.

وَٱلَّذِينَ هُمْ لِفُرُوجِهِمْ حَٰفِظُونَ ٢٩

**29. Жидеца жидер гIавратги цIунулел хIарамаб хIалалъ хIалтIизе гьабиялдаса.**

إِلَّا عَلَىٰٓ أَزْوَٰجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَٰنُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُومِينَ ٣٠

**30. Жидерго руччабазда ва гъарабашазда аскIоре лъугьун гурони, цоги хIарамаб хурхен гьабуларел. Х1акълъунго гьал гIадамал руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жидеда гIайиб чIваларел.**

فَمَنِ ٱبْتَغَىٰ وَرَآءَ ذَٰلِكَ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْعَادُونَ ٣١

**31. Жиндир шагьват тIубазе жиндир руччаби ва гъарабашал гуреб цоги жо цIехарал гIадамал руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIорхъаби жидеца хвезе гьарурал.**

Ва жидерго напсал гIазабалъе хIакъ гьарурал гIадамал.

وَٱلَّذِينَ هُمْ لِأَمَٰنَٰتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رَٰعُونَ ٣٢

**32. Жидеца жидеда тIад къараб аманат тIубалел, жидеца гьарурал къотIабиги тIуразе гьарулел.**

وَٱلَّذِينَ هُم بِشَهَٰدَٰتِهِمْ قَآئِمُونَ ٣٣

**33. Жидеца гьабизе т1аде босараб нугIлъиги битIун гьабулел.**

**Жидеца гьеб нугIлъи бахчуларел ва щивго чи ватIа гьавичIого Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло битIараб хIалалъ нугIлъиги гьабулел.** Гьаб нугIлъи гьабиги, къотIи тIубайги, аманат тIубайги цIакъ жидер кIвар бугел, исламияб жамаг1аталъул амру жидедалъун битIун хьвадулел амраби руго. Гьеб лъабго жоялдалъун ватIа гьавизе кIола жиндир иман камилав муъминчиги, жиндир рекIелъ унти бугел мунапикъзабиги. Гьаб бахIс гIатIидго бицун буго Суратул Маидаталъул авалалда.

وَٱلَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُونَ ٣٤

**34. Жидеца балеб паризаяб как арканал, шурутIал тIуран, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелун баялда жидеца тIадчIейги гьабулел.**

Гьаб паризаяб как бай жиндир кIвар цIикIкIараб амру бугелъул, муъминзабазул сипатал рехсарал гьал аятазда жаниб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб какил кIиго нухалъ бицен гьабуна. 23-абилеб аяталда абун букIана «Жал как баялда даимлъулел» абун. ГIалимзабаца гьеб аяталда абураб рагIиялда гьоркьобги, гьаб (34) аяталда жаниб абураб «Как баялда тIадчIей гьабулел» абураб рагIиялда гьоркьобги

батIалъи гьабун, гьезул магIна батIияб букIин баян гьабуна. «Как баялда даимлъи» абураб рагIиялъул магIна буго гьеб как щибаб гIужда бай, гьеб как баялдаса цоги жоялъ машгъул гьарунгутIи. Дунялалъул хIалтIи-пиша гьабулел гIадамал как базе мех щварабго гьеб гьабулеб хIалтIиги тун как баялде машгъуллъи. Жидер х1алтIи тIубан хадуб базе абун как нахъе бахъулел гIадамал как баялда даимал рукIунаро.

«Как баялда тIадчIей гьабулел» абураб рагIиялъул магIна буго какие чурулеб мехалъ гьеб камилго гьаби, гъуждул, гьумер ва хIатIал чури гIатIид гьаби. Цинги как балеб бакI бацIцIадаб, берцинаб, жив щибго жоялъ Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ машгъул гьавулареб букIин. ТIад бугеб ретIел бацIцIадаб ва берцинаб букIин. Как балеб мехалъ цIакъ Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ хIелун, гьесдаса нечон ва хIинкъун вукIин. Какил арканал ва шурутIал мухIканго тIуразе гьари. Как бан хадувги Аллагь جَلَّجَلَالُهُ рехсолевлъун ва гьесде дугIа хIелун гьабулевлъун вукIин. Как бан ва азкарал гьарун хадуги жинца гьеб какил кири холеб жо гьабунгутIи.

Гьаб как бай Исламияб диналда жаниб бищунго кIвар цIикIкIараб амру букIиналъ тIадегIанав Аллагьас муъминзабазул берцинал сипатал рицин как баялда даимлъулел абун байбихьана, гьел сипатазул ахиралдаги жидеца как баялда тIадчIей гьабулел абун абуна.

Гьел Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ жал хIинкъарал муъминзабазул сипатал рицун хадуб гьезул руссунеб бакI ва гьезие бугеб ажру-даража бицун тIадег1анав Аллагьас абуна:

**35. Гьал гIадамал руго жал хира гьаруралльун алжаназда жанир рукIунел.** أُوْلَٰٓئِكَ فِي جَنَّٰتٖ مُّكۡرَمُونَ ٣٥

Жидее цIакъ лазатал нигIматалги кьун, жидер напсалъе бокьанщинаб жоги хIадур гьабун, жал даимго рукIинелъун лъугьине гьарула гьел алжаназда жанире.

**36. Гьел капурзабазе бугеб жого щиб, я МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, цIакъ гIедегIун жал дуда сверун ракIаризе ккани ва жидеца гарбал рорхун бераз мун цIехон рукIине ккани?** فَمَالِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ قِبَلَكَ مُهۡطِعِينَ ٣٦

**37. Дудаса кваранисa ва квегIиса къокъа-къокъаби гьарун жал гIодор чIун мун сверун кквезе ккани?** عَنِ ٱلۡيَمِينِ وَعَنِ ٱلشِّمَالِ عِزِينَ ٣٧

Гьаб кIиго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Къуръан цIалулеб мехалъ

къурайшазул мушрикал гьесда сверун русунел рукIана ва гьев махсароде гьавун, гьесул Къуръан цIалиялда тIад релъанхъун гьеб Къуръан муъминзабазда рагIине ва бичIчIине толарого рукIунел рукIана. Гьез абулеб букIана гьал загIипал, мискинал МухIаммадил асхIабзаби алжаналда рукIине ратании, ниж гьездасаги цере рукIине руго гьаб алжаналда абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьел церехун хъвараб кIиябго аят рещтIине гьабуна ва хадубги жинца абуна:

**38. Гьезул щивав цоясул хьулищ лъун бугеб живги алжаналда лъугьине гьавила абун?** أَيَطۡمَعُ كُلُّ ٱمۡرِيٖ مِّنۡهُمۡ أَن يُدۡخَلَ جَنَّةَ نَعِيمٖ ٣٨

**39. Гьедин гьечIо амру!** Кидаго лъугьине гьаруларо капурал гIадамал нигIаматазул алжаназда жанире! كَلَّآۖ إِنَّا خَلَقۡنَٰهُم مِّمَّا يَعۡلَمُونَ ٣٩

**Х1акълъунго Дица гьел гIадамал рижун руго жидеда лъалел хIакъирал, загIипал жалаздаса:** цин манидал къатIра букIун, цинги бидул горо букIун, хадуб гьанал къотIел букIун. Гьединаб загIипаб, жинда ракIкъалеб жоялдаса вижарав, цинги кIващ бачIунеб бакIалдаса къатIивеги вачIарав инсан сундасан чIухIун вукIунев? Гьев инсан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ аскIов хиралъулеб, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьесда гурхIун гьесие лъикIаб ахират кьолеб сабаб буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби. Ханзаби руго, бечедал гIадамал руго, насаб-тухум лъикIаб буго абураб рагIи буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиб къабул гьабулареб, жинда данде ажру-кириги гьабулареб.

**40.41. Дун гьедулев вуго бакъ баккулел ва бакъ тIерхьунел рахъазул БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун, дир цIакъ хIалкIола абун гьал мушрикалги гьалаг гьарун гьезул бакIалда гьездаса лъикIаб къавм бижине.** فَلَآ أُقۡسِمُ بِرَبِّ ٱلۡمَشَٰرِقِ وَٱلۡمَغَٰرِبِ إِنَّا لَقَٰدِرُونَ ٤٠ عَلَىٰٓ أَن نُّبَدِّلَ خَيۡرٗا مِّنۡهُمۡ وَمَا نَحۡنُ بِمَسۡبُوقِينَ ٤١

Жидеца Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабулеб. **Дун гьеб иш гьабизе лъицаго гIажизги гьавуларо, гьелдаса щибго жоялъ нахъеги чIваларо**.

**42. Дуца гьеб капураб къавм те, МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, жидерго батIулаб диналда жанир ругеллъун, дунялалъул чIаголъиялдаса кеп босулеллъунги.** فَذَرۡهُمۡ يَخُوضُواْ وَيَلۡعَبُواْ حَتَّىٰ يُلَٰقُواْ يَوۡمَهُمُ ٱلَّذِي يُوعَدُونَ ٤٢

**Жал гьалаг гьаризе къотIи гьабураб заман тIаде щвезегIан** ва жиндилъ пащманлъиялъги, тавбу гьабиялъги щибго мунпагIат гьабулареб къо тIаде бачIинегIан.

**43. Гьеб къо буго жал хобаздаса къватIире рахъун рачIунеб: цIакъ гIедегIун, дунялалда жал жидерго хъанчал эхетизе гьарураб бакIалда гьезие лагълъи гьабизе унел ругел гIадин.**

يَوْمَ يَخْرُجُونَ مِنَ ٱلْأَجْدَاثِ سِرَاعًا كَأَنَّهُمْ إِلَىٰ نُصُبٍ يُوفِضُونَ ﴿٤٣﴾

Цоял цояздаса цере ккезе яхI бахъун унаан гьел хъанчие лагълъи гьабизе, гьелда аскIоре гIагарлъизе. Хабалъан тIаде рахъине гьарураб мехалъги гьел цIакъ гIедегIун, жал унеб рахъго лъаларого, гIиял рехъенгIадин унел рукIуна.

**44. Жидер берал цIакъ хIелун ва хIинкъун унел рукIуна гьел, жидеда тIад кутакаб къварилъи ва хIакъирлъиялъул мугьру чIван бугебгIадинги рукIуна.**

خَٰشِعَةً أَبْصَٰرُهُمْ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ذَٰلِكَ ٱلْيَوْمُ ٱلَّذِى كَانُوا۟ يُوعَدُونَ ﴿٤٤﴾

**Гьеб къо буго гьел дунялалда ругеб мехалъ жиб бачIине букIиналдалъун гьезие хIинкъи кьолеб букIараб Къиямасеб къо.** Гьез жиб махсародеги гьабулеб букIараб ва гьересиги гьабулеб букIараб.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул МагIáрижалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 71. Сурату НухI

سُورَةُ نُوحٍ

*Гьаб сураталъул аслияб мурад ва кIвар буссун буго Исламалъул аслабазул бицен гьабиялде. Гьеб мурадалда гьаб суратлда жаниб НухI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ къиса бицун буго: гьесул дагIват байбихьаралдаса тIупан тIун капураб къавм гьалаг гьабураб заманалде щвезегIан. Гьедин бугелъул гьаб сураталда цIарги тун буго НухI аварагасул عَلَيْهِ السَّلَامُ сурат абун.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

إِنَّا أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِ أَنْ أَنذِرْ قَوْمَكَ مِن قَبْلِ أَن يَأْتِيَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١﴾

**1. ХIакълъунго Дица НухI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ витIана жиндир къавмалде ва Дица гьесда амруги гьабуна дуца дур къавмалъе хIинкъи кье абун гьезда тIаде гIазаб щвеледе цебе.**

Жидеца иман лъечIони ва дур дагIваталъе жаваб гьабичIони дунялалъул рукъоб жидее гьабулеб гIазаб буго гьеб. Ахираталда гьезие жужахIалъул гIазаб букIунеблъиги жиб хIакъаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амру буго.

Гьев НухI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ гIарабиязул бащдаб чIинкIиллъиялда (полуостров) бугеб халкъалде витIарав авараг вукIанин абуна цо гIалимзабаца. Цогидаз абуна гьев Куфат шагьар бугеб ракьалда жив вукIарав ва гьениб букIараб халкъалде витIарав авараг вукIана абун.

قَالَ يَٰقَوْمِ إِنِّي لَكُمْ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٢﴾

**2. Гьев НухI аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «Я дир къавм! Х1акълъунго дун вуго баянаб, хIакъаб гIазабалдалъун нужее хIинкъи кьолев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Расул».**

Гьев НухI аварагасда عَلَيْهِ السَّلَامُ аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ шайх абула, гьев гIумру халатав вукIиналъе гIоло ва шаригIат босун ритIарал аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ тIоцевесев вукIиналъе гIологи, «Улул-гIазми» жидеда абулел къадру кIудиял, жидер шаригIат загьирал щуго аварагасул авалавги вуго гьав НухI авараг عَلَيْهِ السَّلَامُ. Гьав щуго аварагги: НухI, Ибрагьим, Муса, ГIиса, МухIаммад руго. Жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял.

أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاتَّقُوهُ وَأَطِيعُونِ ﴿٣﴾

3. НухI аварагас عَلَيْهِ السَّلَامُ абуна: «**Нужеца лагълъи гьабе цохIо Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хIарамал жалги те.**

**Нуж диеги мутIигIлъе дица нужеде гьабулеб амру-нагьюялъулъ, нужеца хъанчазе лагълъи гьабиги те!**

يَغْفِرْ لَكُم مِّن ذُنُوبِكُمْ وَيُؤَخِّرْكُمْ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّىۚ إِنَّ أَجَلَ ٱللَّهِ إِذَا جَآءَ لَا يُؤَخَّرُۖ لَوْ كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤﴾

**4. Гьедин нуж хьвадани Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужер церехун гьарурал мунагьал чурила ва нужее цIараб заман щвезегIан гIазабалдалъун къварилъи гьабичIого тела.**

**Х1акълъунго Аллагьас нужее бихьизе гьабураб заман лъугьун хвел т1аде бач1изе мех щведалго гьеб хвел нахъе бахъун толаро.** Ва гьеб хвел тIаде бачIараб мехалъ тавбу гьабизе абун, лъикIаб гIамал гьабизе абун нуж нахъе рахъунги толаро. **Нужеда гьаб амру бичIчIунеб ва лъалеб батани нуж дие мутIигIлъе ва нужеца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **гIибадат бацIцIадго гьабе!**

قَالَ رَبِّ إِنِّي دَعَوْتُ قَوْمِي لَيْلًا وَنَهَارًا ﴿٥﴾

5. Гьеб къавмалъ иман лъечIеб мехалъ **НухI аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **Аллагьасдехун** جَلَّ جَلَالُهُ **хитIаб гьабун абуна: «Я дир Бет1ергьан! Х1акълъунго дица гьаб дир къавм релъедалги къадги чIечIого Исламияб диналде ахIана.**

فَلَمْ يَزِدْهُمْ دُعَآءِيٓ إِلَّا فِرَارًا ﴿٦﴾

6. **Гьеб дир ахIиялъ** гьезул иман цIикIкIине гьабичIо, **гьезул дидаса лъути ва рикIкIалъи гурого цIикIкIинч1о.**

وَإِنِّي كُلَّمَا دَعَوْتُهُمْ لِتَغْفِرَ لَهُمْ جَعَلُوٓاْ أَصَٰبِعَهُمْ فِيٓ ءَاذَانِهِمْ وَٱسْتَغْشَوْاْ ثِيَابَهُمْ وَأَصَرُّواْ وَٱسْتَكْبَرُواْ ٱسْتِكْبَارًا ﴿٧﴾

7. **Х1акълъунго дица гьел ахIанщинахъе дуца жидер мунагьал чурулеб жоялде:** мун цо гьавун, куфру-ширкалда тавбу гьабун жидеца дуе гIибадат гьабиялде, **гьез жидер килщал гIундузда жанир къазе гьаруна дица бицунеб жо жидеда рагIинчIого букIине. Жидеца бетIералде тIаде ретIелги бачун бутIрулги рахчана, гьурмалги рахчана жидеда дун вихьичIого вукIине! Гьедин гьел жидер куфру-ширкалда тIад чIана ва Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъун дида нахърилълъинеги чIухIана».**

ЦIакъ рагIа-ракьанде щвараб чIухIи ва гIамалкIодолъи гьечIищха гьаб? Жидее лъикIаб жо бицун насихIат гьабулев чи жидеда вихьичIого вукIине гьурмал рахчиги, гьесул гьаракь рагIинчIого букIине жидерго гIундул руччиги!

ثُمَّ إِنِّي دَعَوْتُهُمْ جِهَارًا ﴿٨﴾

8. **Цингиги дица гьезие дагIват гьабуна загьирго, гьаракь борхизе гьабун, гIадамазда**

**гьоркьове ун, гьезул заралалдаса хIинкъичIого.**

**9. Цингиги дица гьезие балъго гьабунги гьабуна дагIват, тIатине гьабунги гьабуна.** ثُمَّ إِنِّيٓ أَعۡلَنتُ لَهُمۡ وَأَسۡرَرۡتُ لَهُمۡ إِسۡرَارٗا ٩

Цо-цо чи вугеб бакIалда гьабун, щивав чиясул рукъове ун гьабун, киналго нухал ва къагIидаби хIалтIизе гьаруна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда тIад къараб рисалат гьеб къавмалъухъе щвезе гьаби мурадалда.

**10. Дица гьеб къавмалда абуна: «Нужеца нужер БетIергьан Аллагьасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабе, х1акълъунго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **цIакъ жинца мунагьал чурулев вуго.** Жиндир лагъзадерица тавбу гьабизе бокьулев, гьабуразул тавбу къабул гьабулевги вуго. فَقُلۡتُ ٱسۡتَغۡفِرُواْ رَبَّكُمۡ إِنَّهُۥ كَانَ غَفَّارٗا ١٠

**11. Жинца нужее зодисан гIемераб, жиндилъ баракат бугеб цIад рещтIине гьабулевги вуго.** يُرۡسِلِ ٱلسَّمَآءَ عَلَيۡكُم مِّدۡرَارٗا ١١

**12. Жинца нужее лъимал-хъизан кьун, боцIи-мал кьун лъикIлъи цIоб гьабулевги вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.** وَيُمۡدِدۡكُم بِأَمۡوَٰلٖ وَبَنِينَ وَيَجۡعَل لَّكُمۡ جَنَّٰتٖ وَيَجۡعَل لَّكُمۡ أَنۡهَٰرٗا ١٢

**Жинца нужее бечедал ахал-хурзалги гьуинал лъимазул лъарал-иццал гьаруравги вуго гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.**

Гьав БетIергьан Аллагьасе гьабичIого гIибадат цоги жоялъе кин нужеца гьабулеб. Гьесдасан гьарич1ого къвариг1елал х1ажатал т1урай цоги жоялдасан кин нужеца гьарулеб. Кинабго жо жинца бижунев, Гьелъие ризкъи кьолев БетIергьанги живго тун, нужерго квераз гьарурал хъанчал аллагьазабилъун кин кколел?

**13. Нуж кин хIинкъулареб, я гьаб къавм, гьав БетIергьан Аллагьасдаса ва нужеца гьесие букIине кколеб къадру-къиматги кин гьабулареб?** مَّا لَكُمۡ لَا تَرۡجُونَ لِلَّهِ وَقَارٗا ١٣

**14. Гьав Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **нужги рижун ругелъул чанго батIияб сипат ва къадар нужее букIине гьабун бугеб хIалалъ:** манидал къатIралъун рукIиналдаса байбихьун, берцинаб сипат-сураталъул, г1акълу-лъай бугев инсанлъун гьарун руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нуж. وَقَدۡ خَلَقَكُمۡ أَطۡوَارًا ١٤

**15. Нуж балагьуларищ ва нужеца пикру гьабуларищ тIадегIанав Аллагьас гьал анкьалго зобал киндай** أَلَمۡ تَرَوۡاْ كَيۡفَ خَلَقَ ٱللَّهُ سَبۡعَ سَمَٰوَٰتٖ طِبَاقٗا ١٥

**рижун руго абун, цоялда тIад цояб гьабун.**

**16. Гьел зобалазулъ Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **моцIги гьабун буго сардилъ жинца нур базе гьабулеблъун.** وَجَعَلَ ٱلْقَمَرَ فِيهِنَّ نُورًا وَجَعَلَ ٱلشَّمْسَ سِرَاجًا ﴿١٦﴾

Бакъул кунчIи ва гвангъи нахъе бекизе гьабун, гьеб ракьалда тIад ругел чагIазе нурлъун бихьулеблъун гьабун буго моцI. **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **бакъги гьабун буго жиб бакараб чирахъ гIадин жинцаго канлъи кьолеблъун.**

**17. ТIадегIанав Аллагьас нужги ракьалдаса рижине гьарун руго гьеб ракьалдаса хер бижине гьабулеб хIалалъ.** وَٱللَّهُ أَنۢبَتَكُم مِّنَ ٱلْأَرْضِ نَبَاتًا ﴿١٧﴾

Инсанас бетIербахъи гьабулеб кинабго ризкъи ракьалдаса баккулеб, гьелда тIад бижеулеб бугелъул, инсанги ракьалдаса вижана абулеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ . Цоги магIна гьабуна: Адам авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ ракьалдаса вижиндал, гьесул кинабго зуриятги ракьалдаса бижараб буго абуна.

**18. Цингиги Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нуж хвезеги гьарун гьеб ракьулъе русине гьаризе руго, ахираталда гьеб ракьул чохьониса къватIиреги рахъине гьаризе руго.** ثُمَّ يُعِيدُكُمْ فِيهَا وَيُخْرِجُكُمْ إِخْرَاجًا ﴿١٨﴾

**19. ТIадегIанав Аллагьас нужее гьеб ракь гьабун буго гIодоб тIамураб бусен гIадин** (постель). وَٱللَّهُ جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ بِسَاطًا ﴿١٩﴾

Нуж нужееги бокьараб хIалалъ жинда тIад яшав гьабун рукIине санагIат бугеб хIалалъ.

**20. Нуж гьеб ракьалда тIасан сапаразде хьвадизе батIи-батIиял нухалги гьарун руго,** لِّتَسْلُكُوا۟ مِنْهَا سُبُلًا فِجَاجًا ﴿٢٠﴾

нужеца ризкъи тIалаб гьабизе ва нуж батIи-батIиялл улкабазде щвезе. Гьеб кинабго махлукъалъул пикру гьабичIо НухIил къавмалъ. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ хIалкIолъиялде ва гьев цо вукIиналде жидеца тIоритIел гьабулел гIемерал далилал ва хIужаби рицараб мехалъ гьездаса вагIза-насихIат босичIо. Гьеб къавм жидерго куфру-ширкалда тIад чIедал, гьез иман лъеялдаса жиндир хьул къотIидал НухI авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьасдехун جَلَّجَلَالُهُ зигара гьабун кIалъана.

**21. НухI аварагас** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **абуна: «Я дир БетIергьан! Гьаб дир къавм дида гIасилъана. Гьал нахърилълъунел** قَالَ نُوحٌ رَّبِّ إِنَّهُمْ عَصَوْنِى وَٱتَّبَعُوا۟ مَن لَّمْ يَزِدْهُ مَالُهُۥ وَوَلَدُهُۥٓ إِلَّا خَسَارًا ﴿٢١﴾

**руго жиндир боцIи-малалъ жидее щибго мунпагIат гьабуларел бечедал чагIазда ва жидер церехъабазда.**

Жидер боцIи-малалдаса чIухIун, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIочон бугеб халкъалъ гьабулеб жо берцин бихьулеб буго гьаб къавмалда, дица гьел жинда ахIулеб Исламияб диналдаса:

**22. Гьел церехъабаца къавмалъе цIакъ кIудияб макруги гьабун буго.** وَمَكَرُوا۟ مَكۡرٗا كُبَّارٗا ﴿٢٢﴾

НухI аварагасда عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ нахърилълъиналдаса къавм нахъе чIван буго, гьел НухIие къварилъи зарал гьабизеги тIамулел руго.

**23. Гьел церехъабаца абулеб буго: «Вореха нужеца нужерго аллагьзабазе гьабулеб дин тоге! Нужеца Вад абулев, СувагI абулев, Ягъус, ЯгIукъ, Наср абулел алагьзаби тоге!».** وَقَالُوا۟ لَا تَذَرُنَّ ءَالِهَتَكُمۡ وَلَا تَذَرُنَّ وَدّٗا وَلَا سُوَاعٗا وَلَا يَغُوثَ وَيَعُوقَ وَنَسۡرٗا ﴿٢٣﴾

Гьал рукIана НухIил къавмалъ жидее лагълъи гьабулел хъанчазул бищунго кIудиял хъанчал, жидеца гьел аллагьзабилъун ккурал.

Гьал цIарал рукIана НухIил къавмалъул лъикIал чагIазул цIарал, цинги гьел хведал щайтIаналъ гьеб къавмалда вахIю гьабуна гьел чагIи гIодор чIолел рукIараб бакIазда гьезул гIаламатал гьаре абун, гьел ракIалда щвезе ва нужецаги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ лагълъи габизе, гьез гьабулеб букIараб гIадин, ва нужеца гьел гIаламатазда цIаралги лъе гьел лъикIал чагIазул абун. Гьез гьебжо гьабуна, амма гьезие лагълъи гьабулеб букIинчIо. Гьел хун хадуб гьезул лъималги рачIиндал, гIелмуги дагьлъидал, щайтIаналъ гьезул лъималазда вахIю гьабуна, нужер умумуз гьал лъикIал чагIазул цIаразда ругел хъанчазе лагълъи гьабулеб букIанин, нужецаги гьезие лагълъи гьабе абун, цинги гьез гьел хъанчазе лагълъи гьабуна.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIунаги щайтIаналъул макруялдаса.

**24. ХIакълъунго гьаб хабарги бицун гьел церехъабаца гIемераб халкъ хIакъаб диналде иналдаса нахъе чIвана.** وَقَدۡ أَضَلُّوا۟ كَثِيرٗاۖ وَلَا تَزِدِ ٱلظَّٰلِمِينَ إِلَّا ضَلَٰلٗا ﴿٢٤﴾

**Жидеца зулму гьабулел гIадамазул жегиги къосин цIикIкIине гьабеха, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, дуца!**

НухI аварагас عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ жиндир умматалъе квешаб дугIа гьабуна тIадегIанав Аллагьас вахIю гьабун гьесда лъазе гьабидал гьеб дур къавмалъул гIадамаз иман лъезе гьечIо, цебеккунго жидеца иман лъун бугел дагьалго чагIаз гурони абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ НухI аварагасул عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ дугIаялъе жавабги гьабуна: гьесда амру гьабуна дуца кIудияб

гама гьабе мунги дуда иман лъурал гIадамалги жанир рекIине абун.

**25. Гьел жидеца гьарурал кIудиял мунагьал сабаблъун НухIил къавм тIупан тIун гьанкъизе гьабуна ва гьебго хIалалъ жужахIалъул цIадареги лъугьине гьаруна.**

مِّمَّا خَطِيٓـَٔـٰتِهِمْ أُغْرِقُوا۟ فَأُدْخِلُوا۟ نَارًا فَلَمْ يَجِدُوا۟
لَهُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ أَنصَارًا ﴿٢٥﴾

**Жидеда гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб нахъчIвазе кIолев цониги кумекчиги ватичIо.** Жидер аллагьзабиги лъеда гъоркье ккун гъанкъана, жалгоги гьеб лъималъ гъанкъизе гьаруна: гьезул цояз цогидазе квербакъи гьабизе щибго гьунарги лъугьинчIо.

**26. НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ жегиги абуна: «Я дир БетIергьан! Гьаб ракьалда тIад дуца цониги капурчи чIаго тоге!**

وَقَالَ نُوحٌ رَّبِّ لَا تَذَرْ عَلَى ٱلْأَرْضِ مِنَ ٱلْكَـٰفِرِينَ
دَيَّارًا ﴿٢٦﴾

**27. Х1акълъунго Дуца гьел капурзабазул цониги чи чIаго тани, гьез хадуб бачIунеб дур лагъзадерил умматги къосине гьабизе буго ва гьел капурзабазул наслуги букIине гьечIо жидедаго рельлъараб капураб, къосараб къавм гурони» - абун.**

إِنَّكَ إِن تَذَرْهُمْ يُضِلُّوا۟ عِبَادَكَ وَلَا يَلِدُوٓا۟
إِلَّا فَاجِرًا كَفَّارًا ﴿٢٧﴾

Жинда Аллагьасул салам лъеяв НухI авараг азаргог1ан соналъ гьеб къавмалда гьоркьов вукIиндал, гьесда гьезул хIал цIакъ лъикI лъан букIана. ТIадегIанав Аллагьасги илгьам гьабун гьесда абун букIана гьеб къавмалъ иман лъезе гьечIо абун. Гьаб амру гьадин букIиндал гьабуна НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ доб цебехун бицараб дугIа. Гьелда хадуб муъминзабазе лъикIаб дугIа гьабун НухI аварагас عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна:

**28. Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дир мунагьал чуре, дир эбел-инсулги чуре, жидеца иманги лъун дир рукъоре лъугьарал киналго муъминзабазул мунагьалги чуре. Гьел гурелги киналго муъминал бихьиназул ва муъминал руччабазулги мунагьал чуре. Мун цо вукIиналда инкар ккурал, дур аварагзабиги عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ гьезул рисалатги гьереси гьабураб куфру-ширкалъул къавмалъе дуца гьалаглъи ва чIорого хутIин цIикIкIине гьабе Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ!**

رَّبِّ ٱغْفِرْ لِى وَلِوَٰلِدَىَّ وَلِمَن دَخَلَ بَيْتِىَ
مُؤْمِنًا وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَـٰتِ وَلَا تَزِدِ
ٱلظَّـٰلِمِينَ إِلَّا تَبَارًۢا ﴿٢٨﴾

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ квербакъиялдалъун Сурату НухIалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 72. Суратул Жинн

سُورَةُ الجِنِّ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб къоло микьго аят бугеб.*

*Гьаб сураталда жанибги Исламиял гIакъидабазул аслаби рицунел руго: Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьави, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIухъ гьари, хун хадур тIаде рахъине гьари ва хIисаб-мизан, хадуб жазаъ букIинги ритIухъ гьаби. Сураталда жаниб аслияб бакI ккун буго женазул бицен гьабиялъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул Къуръан цIалиялда гьел гIенекки бицун, хадуб гьез иман лъей ва жидер къавмалги иман лъеялде ахIи бицун буго. Гьел женал жинда хасал цо-цо гIажаибал жалги рицун руго: зодоре рахин гIадаб, гьенисан цо-цо балъгояб жо жидеца лъазе тIалаб гьаби гIадабги. Гьезда хадур цIадул сунтралги речIчIун гьел зодоре рахиналдаса нахъе чIвайгIадалги.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда амру гьабулеб буго жиндир умматалда бице абун жив тIуванго Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIиг1ав вукIин, гьесул амруялда рекъон хьвадулев вукIинги ва гьес вахIю гьабураб дин умматалъухъе щвезе гьабулев Расул жив вукIинги. Сураталъул ахиралда баян гьабулеб буго кинабго балъгояб жо лъаялъул ихтияр цохIо Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ кодоб букIин ва гьес жиндие бокьарав чиясе жиндие бокьараб жо загьир гьабулеблъиги.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

قُلْ أُوحِيَ إِلَيَّ أَنَّهُ ٱسْتَمَعَ نَفَرٌ مِّنَ ٱلْجِنِّ فَقَالُوٓا۟ إِنَّا سَمِعْنَا قُرْءَانًا عَجَبًا ﴿١﴾

**1. Дуца абе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ диде вахIю гьабуна: х1акълъунго дур Къуръан цIалиялде гIинтIамуна женазул цо къукъаялъ.** Гьеб къукъаялъ Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъуна, гьеб Къуръанги ритIухъ гьабуна, жидеца гьеб Къуръан цIалулев авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ритIухъ гьавун жал гьесда нахъги рилълъана **ва гьеб къукъаялъ жидер къавмазухъе руссараб мехалъ гьезда абуна: нижеда гIажаибаб Къуръан цIалулеб рагIана.** Жиндир мацI цIакъ пасихIаб, магIна гъваридаб, жинца бицунеб хIукмуги цIакъ мухIканаб ва баянаб.

يَهْدِيٓ إِلَى ٱلرُّشْدِ فَـَٔامَنَّا بِهِۦ ۖ وَلَن نُّشْرِكَ بِرَبِّنَآ أَحَدًا ﴿٢﴾

**2. Гьеб Къуръан буго жинца хIакъаб диналде тIоритIулеблъун бугеб. Нижеца гьелда иман лъуна.**

**Нижеца кидаго нижер БетӀергьан Аллагьасдехун ширкги гьабизе гьечӀо.** Гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабизе хӀакъаб гӀибадат цоги щибго жоялъе гьабизе гьечӀо. Хъанчал, ганчӀал, гӀадамал, женал, малаикзаби алагьзабилъун ккевзе гьечӀо.

وَأَنَّهُۥ تَعَٰلَىٰ جَدُّ رَبِّنَا مَا ٱتَّخَذَ صَٰحِبَةً وَلَا وَلَدًا ﴿٣﴾

3. **ХӀакълъунго нижер БетӀергьанасул гуч ва къудрат цӀакъ тӀадегӀанаб ва кӀудияб буго. Гьес жиндие рекӀелгъеялъе хъизан-лъималги ккун гьечӀо.** Гьев щибго жоялде хӀажатав гьечӀо.

وَأَنَّهُۥ كَانَ يَقُولُ سَفِيهُنَا عَلَى ٱللَّهِ شَطَطًا ﴿٤﴾

4. **ХӀакълъунго Женазул цо ахӀмакъзабазул къукъаялъ Аллагьасдехун абулеб букӀана гьесул кӀодолъиялда рекъоларел рагӀаби.**

Жидер магӀна гьечӀел, ургъичӀого рицунел харбал рукӀана гьел.

وَأَنَّا ظَنَنَّآ أَن لَّن تَقُولَ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا ﴿٥﴾

5. **ХӀакълъунго нижеда ракӀалде кколеб букӀана цониги инсанас, яги женазулас Аллагьасдехун гьереси гӀунтӀизе гьабуларо абун.**

Гьеб Къуръан цӀалулеб рагӀараб мехалъ нижеда лъана цо-цо гӀадамаз ва женаз Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гӀунтӀизе гьабун гьереси бицунеб букӀин. Гьел гӀадамаз абулеб бугелъул Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ ясал руго абун, ГӀиса авараг عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ гьесул вас вуго абунги.

وَأَنَّهُۥ كَانَ رِجَالٌ مِّنَ ٱلْإِنسِ يَعُوذُونَ بِرِجَالٍ مِّنَ ٱلْجِنِّ فَزَادُوهُمْ رَهَقًا ﴿٦﴾

6. **ХӀакълъунго гӀадамазул цо къукъа букӀана жидеца женазул кӀудияздалъун гьел женазул зараралдаса цӀуни гьарулел. Гьелдалъун женалги цӀакъго чӀухӀана ва гьезул къосин ва гӀасилъи цӀикӀана.**

ГӀарабиязул гӀадат букӀана жидер сапаразда рукӀаго ва гӀалахалда сордо базе чӀараб мехалъ жидеца абулеб: «Нижеца цӀуни гьарулеб буго гьаб бакӀалъул женазул ханасдалъун гьанир ругел женазул зараралдаса» - абун. Цинги гьел женал цӀакъго чӀухӀун ва гӀамалкӀодолъун рукӀана: женазулги гӀадамазулги ханзаби руго ниж абун.

وَأَنَّهُمْ ظَنُّوا۟ كَمَا ظَنَنتُمْ أَن لَّن يَبْعَثَ ٱللَّهُ أَحَدًا ﴿٧﴾

7. **ХӀакълъунго гьел гӀадамазул капуразде ракӀалде кколеб буго женазул капуразде ракӀалде кколеб бугеб гӀадинго Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **хун хадув щивго чи тӀаде вахъине гьавизего гьечӀо абун.**

وَأَنَّا لَمَسْنَا ٱلسَّمَآءَ فَوَجَدْنَٰهَا مُلِئَتْ

8. **Нижеца зодире рахине къасд гьабураб мехалъ: гьениб бицунеб жоялда гӀенеккизе**

**абун, нижеда гьел зобал цIун малаикзаби ратана жидеца зобал цIунулеллъун. Жидеца женал рухIулел цIадул сунтуралги ратана, гьезда хадур рехизе жал хIадурун ругел.**

حَرَسًا شَدِيدًا وَشُهُبًا ⑧

**9. МухIаммад авараг ﷺ витIизегIан цереккун ниж гьеб зодисан хабар рагIулеб бакIалде рахун гьенир гIодор чIолел рукIана.** Ва гьенисан нижеда рагIараб жо кагьанатаздаги-(жидеда балъго жо лъалин абун гьереси бицунел чаг1и)- бицунеб букIана.

وَأَنَّا كُنَّا نَقْعُدُ مِنْهَا مَقَاعِدَ لِلسَّمْعِ فَمَن يَسْتَمِعِ ٱلْـَٔانَ يَجِدْ لَهُۥ شِهَابًا رَّصَدًا ⑨

**Гьанже гьениве гIенеккизе абун вахунев женасда жинда хадуб речIизе хIадурараб сунтур батулеб буго.** Жинца гьеб жен бухIулеб яги хвезе гьабулеб, яги гIадалаб гьабун тIокIаб зодобехун балагьулареб гьабулеб.

**10. Нижеда (женазул жамагIаталда) лъалеб гьечIо ТIадегIанав Аллагьасе щиб жо бокьун бугеб ракьалда тIад бугеб агьлуялъе гьабизе: гьезие лъикIлъи гьабийищ бокьун бугеб, яги квешлъи гьабийищ бокьун бугеб?**

وَأَنَّا لَا نَدْرِىٓ أَشَرٌّ أُرِيدَ بِمَن فِى ٱلْأَرْضِ أَمْ أَرَادَ بِهِمْ رَبُّهُمْ رَشَدًا ⑩

Зобал цIунун малаикзабиги ратидал, жидее гьенире рахине нухги щвечIелъул, гьел женал Машрикъ, Магърибалде щун ракьалда тIад сверана гьаб хIикматго щибдай буго абун. Цинги гьезда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад расулги гьесул асхIабзабиги ратана жидеца Къуръан цIалулел ва как балел. Женазда бичIчIана гьеб сабаб букIин жиндие гIоло зобал женаздаса цIунараб ва гьел аварагасде ﷺ аскIорегIан рачIун гьесул Къуръан цIалиялда гIенеккана ва жидеца гьев аварагасда ﷺ иманги лъуна.

**11. Х1акълъунго нижедаса цо къукъа буго жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб гIамал гьабулеб, цоги къукъа буго жидер иман загIипаб.**

وَأَنَّا مِنَّا ٱلصَّٰلِحُونَ وَمِنَّا دُونَ ذَٰلِكَ كُنَّا طَرَآئِقَ قِدَدًا ⑪

**Ниж руголъана батIи-батIиял къукъабилъун.** Нижеда гьоркьор мууъминзабиги капурзабиги руго.

**12. Х1акълъунго нижеда лъалеб буго ниж Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ гIажиз гьавун, ракьалда тIад кир ругониги, гьесул гIазабалдаса рорчIулареблъи, гьесдаса**

وَأَنَّا ظَنَنَّآ أَن لَّن نُّعْجِزَ ٱللَّهَ فِى ٱلْأَرْضِ وَلَن نُّعْجِزَهُۥ هَرَبًا ⑫

**лъутун рорчIулареблъиги.**

**13. Нижеда хIакъаб диналде жинца тIоритIулеб Къуръан цIалулеб ргIараб мехалъ нижеца гьелда иман лъуна.**

وَأَنَّا لَمَّا سَمِعْنَا ٱلْهُدَىٰٓ ءَامَنَّا بِهِۦ فَمَن يُؤْمِنۢ بِرَبِّهِۦ فَلَا يَخَافُ بَخْسًا وَلَا رَهَقًا ﴿١٣﴾

**Жинца жиндир БетIергьан Аллагьасда иман лъурав чи хIинкъуларо гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лъикIаб гIамал нукъсан гьабила абун, яги жиндир квешаб г1амал цIикIкIине гьабила абунги хIинкъуларо.**

**14. Гьаб Къуръан цIалиялде гIенеккун хадур нижер цо къукъа бусурбабилъун лъугьана, цоги къукъа куфруялда тIад чIана.**

وَأَنَّا مِنَّا ٱلْمُسْلِمُونَ وَمِنَّا ٱلْقَٰسِطُونَ فَمَنْ أَسْلَمَ فَأُو۟لَٰٓئِكَ تَحَرَّوْا۟ رَشَدًا ﴿١٤﴾

**Жидеца иман лъун Исламияб дин босарал женал руго жидее тIоритIел щварал ва жал бахьи буголъиялъул нухалда тIоритIун карал.**

**15. Амма жал куфруялдаго чIарал ва иман лъезеги чIухIарал женал руго жидер чурхдуздалъун жужахI боркьулел.**

وَأَمَّا ٱلْقَٰسِطُونَ فَكَانُوا۟ لِجَهَنَّمَ حَطَبًا ﴿١٥﴾

ЦIулалда гIадин цIа рекIун рухIулел рукIуна гьезул чурхдул.

**16. Гьел женалги иман лъун битIараб нухалда чIун рукIаралани гьезда гьекъезе гьабилаан алжаналъул цIакъ лазатаб лъим. Жиб гьекъезе бокьулеб.**

وَأَلَّوِ ٱسْتَقَٰمُوا۟ عَلَى ٱلطَّرِيقَةِ لَأَسْقَيْنَٰهُم مَّآءً غَدَقًا ﴿١٦﴾

Гьезие дунялалъул нигIматал ва баракаталги гIатIид гьарилаан.

**17. Дица гьезул х1албихьи гьабилаан ризкъи гIатIид гьабиялдалъун гьез дир нигIматазда щукру гьабуладай абун, яги гьезда инкар ккун куфруялде унадай абун.**

لِّنَفْتِنَهُمْ فِيهِ ۚ وَمَن يُعْرِضْ عَن ذِكْرِ رَبِّهِۦ يَسْلُكْهُ عَذَابًا صَعَدًا ﴿١٧﴾

**Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялдаса жив вуссарав чиясе дица цIакъаб гIазаб гьабизе буго: жиндилъ щибго рахIат гьечIеб, жиб т1ад ч1араб.**

ГIикримат абулев гIалимас абуна: «ЖужахIалда жаниб бугеб цIвакараб къедалде т1аде рахине риччала гьел. ГIемер къварилъи бихьун гьеб къедалде тIаде рахине гIагарлъараб мехалъ хъущтIун жужахIалде жанире роргула. Цингиги гьеб къедалда тIаде рахун ва жужахIалде жанире рортун рукIуна»-абун.

**18. Киналго масжидал руго Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабизе рарал бакIал.**

وَأَنَّ ٱلْمَسَٰجِدَ لِلَّهِ فَلَا تَدْعُوا۟ مَعَ ٱللَّهِ أَحَدًا ﴿١٨﴾

**Нужеца гьениб жаниб Аллагьасдехун ширк гьабуге.**

Мужагьид абулев гIалимас абуна: ягьудиязги насраниязги жидер килисабазда ва биягIазда (синагоги) жанире лъугьараб мехалъ Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабулеб букIана. Гьез гьабулеб гIамал гьабуге абун амру гьабулеб буго МухIаммад аварагасда ﷺ ва гьесда иман лъурал асхIабзабаздаги.

وَأَنَّهُۥ لَمَّا قَامَ عَبْدُ ٱللَّهِ يَدْعُوهُ كَادُوا۟ يَكُونُونَ عَلَيْهِ لِبَدًا ﴿١٩﴾

**19. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабун как базе вахъун чIараб мехалъ гьел жундул гьесда тIад хурхине гIагарлъун рукIана. Къуръаналде гIенеккизе бокьун цIакъ гIемерал женал сверун руссунел рукIана аварагасда ﷺ.**

ТIадегIанав Аллагьас гьаб бакIалда «ГIабдуллагь» абуна, аварагасул ﷺ цIар бахъичIого гьев авараг ﷺ хира гьавун ва кIодо гьавун.

قُلْ إِنَّمَآ أَدْعُوا۟ رَبِّى وَلَآ أُشْرِكُ بِهِۦٓ أَحَدًا ﴿٢٠﴾

**20. Дуца гьел Маккаялъул мушриказда абе, МухIаммад ﷺ; «Х1акълъунго дица лагълъи гьабулеб буго дир БетIергьан Аллагьасе ва дица гьесдехун щибго жо г1ахьалги гьабулеб гьечIо гьеб гIибадат гьабиялъулъ»-абун.**

Гьаб аят рещтIине гьабуна капурзабаца абураб мехалъ мун вачIун вугин цIияб диналдалъун ва дуца ниж киназго жидее гIибадат гьабулел аллагьзабазда инкарги кколеб бугин. Мун гьеб диналдаса вуссани нижеца дуе квербакъиги гьабизе буго ва мун кIодо гьавизеги вуго абун.

قُلْ إِنِّى لَآ أَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَلَا رَشَدًا ﴿٢١﴾

**21. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: «Х1акълъунго дида кIоларо нужедаса къварилъи нахъе чIвазе, яги нужее цо лъикIлъи гьабизеги.**

Гьеб кинабго жо жинца гьабулев цохIо Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго. Дун вуго нуж Исламияб диналде ахIулев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Расул »-абун.

قُلْ إِنِّى لَن يُجِيرَنِى مِنَ ٱللَّهِ أَحَدٌ وَلَنْ أَجِدَ مِن دُونِهِۦ مُلْتَحَدًا ﴿٢٢﴾

**22. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: х1акълъунго дие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьабулеб бугони гьеб гIазабалдаса дун цIунизе кIолев щивго чи гьечIо. Дие вуссине ва вортизе бакIги батуларо гьев Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун цоги щибго жоялда.**

إِلَّا بَلَٰغًا مِّنَ ٱللَّهِ وَرِسَٰلَٰتِهِۦ ۚ وَمَن يَعْصِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَإِنَّ لَهُۥ نَارَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ﴿٢٣﴾

**23. Дица Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дида тIад къараб рисалат тIубазе гьабуни гьеб буго дие бугеб хвасарлъи.**

Гьес амру гьабураб хIалалъ нуж Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавиялде ахIун, нужеда лъикIаб-квешаб жо дица лъазе гьабураб мехалъ гурхIула дида Аллагь جَلَّجَلَالُهُ . **Жив Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ **гьесул расуласдаги гIасилъарав чиясе х1акълъунго жужахIалъул цIадул гIазаб букIине буго. Кидаго гьенир жанир рукIунеллъун лъугьине гьарула гьел жужахIалде жанире.**

**24. Жидее къотIи гьабулеб бугеб квешаб гIазаб бихьараб мехалъ лъазе буго гьел капурзабазда щив вугевали жиндир къуват дагьав ва квербакъи дагьавги.**

حَتَّىٰٓ إِذَا رَأَوۡاْ مَا يُوعَدُونَ فَسَيَعۡلَمُونَ مَنۡ أَضۡعَفُ نَاصِرٗا وَأَقَلُّ عَدَدٗا ﴿٢٤﴾

Капурзабаца абухьин, МухIаммадги صَلَّىٰٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, гьесда цадахъ ругел асхIабзабигийищ ругел жидер рикIкIенги къуватги дагьал, гьел капурзабийищ ругел? Гьеб къоялъ капурзаби рукIуна жидер рикIкIен цIакъ гIемерал, амма къуват дагьал, жидее квербакъулев щивго чи гьечIел.

**25. Дуца гьезда абе, МухIаммад** صَلَّىٰٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ**: Дида лъаларо Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **нужее гIазаб гьабизе къотIи гьабураб заман гIагардагойищ бугеб, яги гьеб рик1адаб заманалдасанищ бач1ине бугеб?»-абун.**

قُلۡ إِنۡ أَدۡرِيٓ أَقَرِيبٞ مَّا تُوعَدُونَ أَمۡ يَجۡعَلُ لَهُۥ رَبِّيٓ أَمَدًا ﴿٢٥﴾

Гьаб аят рещтIине гьабуна Маккаялъул мушриказ хирияв авараг صَلَّىٰٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ махсароде гьавун, гьев гьереси гьавун «Кидалха нижее гIазаб гьабизе бугеб? Кида чIезе бугеб Къиямасеб къо?» – абун абидал.

**26. Балъгояб жо жинда лъалев вуго гьев Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **.**

عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ فَلَا يُظۡهِرُ عَلَىٰ غَيۡبِهِۦٓ أَحَدًا ﴿٢٦﴾

Къиямасеб къо чIейги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда аскIоб тараб балъголъи буго. **Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **жинца балъго гьабураб жоялда цониги чи ваккизе гьавуларо.**

**27. Жиндие вокьарав жиндир расул ваккизе гьавун гурони Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **бокьараб жоялда.**

إِلَّا مَنِ ٱرۡتَضَىٰ مِن رَّسُولٖ فَإِنَّهُۥ يَسۡلُكُ مِنۢ بَيۡنِ يَدَيۡهِ وَمِنۡ خَلۡفِهِۦ رَصَدٗا ﴿٢٧﴾

Гьел аварагзабазе عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ мугIжизатлъун букIине ва гьезул рисалат тIубазе квербакъи букIине Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел цо-цо гъаибаб жоялда раккизе гьарула. **Х1акълъунго гьел аварагзаби** عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ **цIунун тIадегIанав Аллагьас гьезда цересан ва хадусан малаикзабазул боялги хьвадизе гьарула.** Женазул ва цогидаб жоялъул зараналдаса гьел аварагзаби عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ цIунула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел аварагзабазе عَلَيۡهِمُٱلسَّلَامُ рес бук1ине жидеда т1ад къараб рисалат

умматалъухъе щвезабизе.

لِّيَعْلَمَ أَن قَدْ أَبْلَغُوا۟ رِسَٰلَٰتِ رَبِّهِمْ وَأَحَاطَ بِمَا لَدَيْهِمْ وَأَحْصَىٰ كُلَّ شَىْءٍ عَدَدًۢا ﴿٢٨﴾

**28. Жинда загьираб лъаялдалъун лъазе жиндир аварагзабаца عَلَيْهِمُ السَّلَامُ гьеб рисалат умматалъухъе щвезе гьабураблъи.**

Жиндилъ щибго хис-бас гьабичIого, жидеда вахIю гьабураб хIалалъ. **Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьел аварагзабазда عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ва кинабго махлукъалда жиндир гIелмуялдалъун сверун лъугьарав вуго:** гьесие цохIо зарра гIадаб жоги балъго хутIуларо. **Гьединго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кинабго жо рикIкIеналдалъун жиндие гIорхъи чIвараб буго.** ГьитIинабниги, кIудиябниги, гIемерабниги, дагьабниги жо тIадегIанав Аллагьасе мухIканго, щибаб жо батIа гьабун ва гьелъул гIорхъи къадар лъан лъала.

ЦIадал къатIрабазул рикIкIен лъала, салул авлахъазда бугеб салул гаразул рикIкIен лъала. Ралъдал лъел къатIрабазул къадарги лъала. Гьединаб камилаб хIалалъ жинда махлукъ лъалев Халикъасда жиндир аварагзабаз عَلَيْهِمُ السَّلَامُ рисалат кин щвезабурабалиги лъала, гьел расулазе умматаз щиб жаваб гьабурабалиги лъала.

ТIадегIанав Аллагьас жиндие вокьарав муъминчиясе гIелму-лъай кьола, гьесул рекIелъ иманалъул нурги камил гьабула, гьесул беразда цогидазул беразда бихьулареб жоги бихьизе гьабула. Гьесда жиндир балъголъабаздаса цо-цо амру загьарги гьабула. Гьел муъминзаби жидер сипат-суратаздалъун гIадамазда ратIа рахъизе лъалелги рукIуна. Ва амма цо чияс жинда балъгояб жо лъала абуни, гьев чи щайтIаналъ махсароде ккурав чи вуго, гьев чи цIакъ рикIкIад гьавизе кола. Гьесда божарав чиги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие лагIнат кьурав чи вуго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъеда хIакъаб жо хIакъаблъун бихьизе гьабеги ва гьелда нахърилълъине тавфикъги гьабеги.

Т1адег1анав Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Жинналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

## 73. Суратул Муззаммил

سُورَةُ المُزَّمِّلِ

*Гьаб хирияб сураталда жаниб аслияб хIалалъ жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул бицунеб буго. Гьесул тIубараб Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссин бицун: сардилъ вахъун жинца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьаби, Къуръан цIали, Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун жиндир напсалда хIал гьабун сардал рогьунел рукIиналъул бицунеб буго. Гьев хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гурхIел гьабун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьесда амру гьабулеб буго сардил бащалъи, яги гьелдаса дагьаб цIикIкIараб, яги бащадалдаса дагьаб заманалъ вахъа сардилъ гIибадат гьабизе абун. Мушриказ жиндие гьабулеб къварилъиялда сабру гьабе абун ва гьединго вахIюялъул захIмалъи баччун сабру гьабе абунги амру гьабулеб буго.*

*Ахиратаалда мушриказе букIунеб гIазаб къварилъиялъулги бицен гьабун буго. Сураталъул ахиралда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва гьесул умматалъе бигьалъи гьабун сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гIибадат гьаби дагьлъизе гьабизе изну кьун буго: гьел дунялалъул чIаголъи гьабизе ризкъи балагьизе, ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло гъазаватал гьаризе сапараздe ине ккезе рукIиналде кантIизе гьарун.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Я гьав ратIлилъ жемарав авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ!** يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمُزَّمِّلُ ١

**2. Мун тIаде вахъа сардилъ гIибадат гьабизе гьеб сордоялъул гIемерисеб мехалъ.** قُمِ ٱلَّيْلَ إِلَّا قَلِيلًا ٢

Дагьабго мехалъ кьижун, гIемерисеб мехалъ тIаде вахъун вукIа!

**3. Бащадаб сордоялъ тIаде вахъа, яги гьелдаса дагьаб заманаялъ вахъа!** نِّصْفَهُۥٓ أَوِ ٱنقُصْ مِنْهُ قَلِيلًا ٣

**4. Яги бащадаб сардидаса дагьаб цIикIараб заманаялъ тIаде вахъа.** أَوْ زِدْ عَلَيْهِ وَرَتِّلِ ٱلْقُرْءَانَ تَرْتِيلًا ٤

**Дуца гьеб сардилъ вахъиндал гIодове виччан, гIедегIичIого ва пикру гьабун Къуръанги цIале!** Гьеб Къуръаналъул магIна хал гьабун, гьеб бичIчIун цIале. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIматалъул бицарал аятал цIалулеб мехалъ гьеб рахIмат дуе кье абун гьаре Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ. ГIазабалъул аятал цIалулеб мехалъ гIазабалдаса мун цIуне абунги

гьаре. Аллагьасул ﷻ хIалкIолъиялъул бицунел, цересел умматазул бицунел аятал цIалулеб мехалъ, гьелдаса вагIза-насихIатги босе.

Гьал аятал рещтIине гьариялъе сабаб бицун имам Бухарияс бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ХIираъ абулеб нохъода гIибадат гьабулев вугеб мехалъ гьесде вахIю босун Жабраил малаик вачIине байбихьидалго, хирияв авараг ﷺ цIакъ хIинкъун, жиндир ракI тIеркIолаго Хадижатихъе вачIана ва гьес абуна: «Дун вахчизе гьаве! Дун ратIлилъ жеме»* - абун.

Гьедин тIаде ретIелги бачун вегун Аллагьасул Расул ﷺ вугеб мехалъ гьесда Жабраил малаик вачIун амру гьабулеб буго: мун гьедин вегун вукIунге, мун тIаде вахъун дуца Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабе ва гьеб гIибадат гьабиялдалъун дур черхги куцай дуда тIаде бачIине бугеб захIматаб амруялъе: Аллагьасул ﷻ рисалат умматалъухъе щвезе гьабиялъе ва гьеб рисалат щвезе гьабулаго дуда бихьизе бугеб захIмалъи ва къварилъи хIехьезеги.

**5. ХIакълъунго Дица дуда вахIю гьабизе буго захIматаб амру.** إِنَّا سَنُلْقِى عَلَيْكَ قَوْلًا ثَقِيلًا ۝٥

Къураналда жаниб бугеб амру-нагью ва уммат исламияб диналде ахIи захIматаб амру буго, жиб баччизе ва тIубазе чорхол рухI ва хIадурлъи къваригIунеб. Гьеб напс куцазе квер бакъиналъе бищунго лъикIаб буго сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда тIад чIей гьаби.

Киналго гIадамал хинаб бусада регун черхалъе рахIат гьабулел ругеб мехалъ, гьеб рахIатги жибго тун, тIадеги вахъун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьаби кIвахIалаб, хIалихьатаб напсалъ тIаде босулареб амру буго. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда тIад къалеб бугелъул жидеда Аллагь ﷻ лъалареб жагьилаб уммат, цIияб, гьезда жиб лъалареб диналде ахIи, гьеб дагIват гьабулаго хирияв аврагасда гIемераб захIмалъи ва къварилъи бихьизе буголъидал, гьесда амру гьабулеб буго жинца черх куцай абун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда тIад чIей гьабиялдалъун.

Жиндие тIадегIанал макъамал рокьарав, жив Аллагьасул ﷻ диналъе гIоло хIалтIи гьабизе къасдалда вугев муъминчиясги жиндирго напс куцазе ккола гьеб Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда ругьун гьабун, хасго сардилъ тIаде вахъун Аллагь ﷻ рехсеялда ругьун гьабун.

**6. ХIакълъунго сардил сагIтазулъ гьабулеб гIибадат ва къуръан цIали ракIалда жаниб чIолеб, гьелъие** إِنَّ نَاشِئَةَ ٱلَّيْلِ هِىَ أَشَدُّ وَطْـًٔا وَأَقْوَمُ قِيلًا ۝٦

**цIикIкIун асар гьабулеб буго къад къоялъ гьабулеб гIибадаталде данде ккун.**

Гьеб сардилъ цIалараб къуръанги жиб бичIчIунеб, рекIелъ чIолеб буго. Гьеб бугелъул киналго гьаркьал дагьлъараб, инсан машгъул гьавулеб жо гьечIеб заман. Сардилъ тIаде рахъун гIибадат гьабизе кIвахIалаб, хIалихьатаб напсалъе цIакъ захIматаб жо буго, амма гьеб гIибадат гьабиялда ругьунлъараб напсалъе ракI чIаголъулеб, иман камиллъулеб, Аллагьасул ﷻ кIодолъи ва тIадегIанлъи жинда лъалеб жо буго.

**7. Х1акълъунго дуе къад къоялда жанибги гIемераб хьвади ва хIалтIи буго.** إِنَّ لَكَ فِي ٱلنَّهَارِ سَبۡحٗا طَوِيلٗا ۝٧

Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ахIиялъеги, дунялалъул чIаголъиялльул чара гьечIеб жоялъеги мун хьвадулеб заман буго къо. Гьедин бугелъул дуца сордоялдаса мунпагIат босе цохIо Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабун, гьев разилъи тIалаб гьабун.

**8. Дуца Аллагьги ﷻ гIемерав рехсе ва мун кинабго заманаялъ ва кинабго хIалалъ гьев Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялде вуссаравлъун вукIа.** وَٱذۡكُرِ ٱسۡمَ رَبِّكَ وَتَبَتَّلۡ إِلَيۡهِ تَبۡتِيلٗا ۝٨

Гьедин хьвадараб мехалъ мун вукIуна Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ахIулевлъун.

**9. Машрикъалъулги Магърибалъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь ﷻ . Жив гурев цоги Аллагь ﷻ гьечIевги вуго. Гьев Аллагь ﷻ ккве дуца дуе вакиллъун.** رَّبُّ ٱلۡمَشۡرِقِ وَٱلۡمَغۡرِبِ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ فَٱتَّخِذۡهُ وَكِيلٗا ۝٩

Дур кинабго амру гьесда тIамун те ва дур кинабго хIалалъулъ мун гьесда божун, гьесда мугъчIвай гьабун вукIа!

**10. Гьел мушрикаца дудехун абулеб жоялде дуца сабру гьабе ва гьел щибго зарал гьабичIого те!** وَٱصۡبِرۡ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَٱهۡجُرۡهُمۡ هَجۡرٗا جَمِيلٗا ۝١٠

Гьезде хьандоге, рогьоб баге, гьез нужее жегиги зарал гьабизе сабабал гьаруге.

Гьаб сабру гьаби ва мушрикал зарал гьабичIого тей букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Маккаялда вугеб, гьесул дагIват байбихьараб, гьесул асхIабзабиги цIакъго дагьал ругеб заман. Гьеб заманалъ тIадегIанав Аллагьас муъминзабазда амру гьабулеб буго жидерго напсазда жигьад гьабе абун. Сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабе абунги. Гьаб хIалалъ жидер чурхдул куцан, иман камил гьабун, жидерги Аллагьасулги ﷻ тушманасде данде чIезе кIолеб, гьезул гIакъуба-къварилъи хIехьезе кIолел лъугьинегIан.

Гьаб амру жакъа къоялда жанибги жинда хIажатаб ва жинда тIадчIей гьабизе кколеб амру буго. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун хинаб бусен тун тIадеги вахъун кIиго ракагIат как базе кIоларев чиясул мужагьид кин лъугьунев? Аллагьасул диналъе гIоло хвезе бокьарал гIолохъабаца цин Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малъухъин жиндир напс куцазе ккела. Жинда Аллагь разилъи тIалаб гьабулев чияс гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи гьеб Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ малъухъе хьвадун тIалаб гьабизе кола.

وَذَرْنِي وَٱلْمُكَذِّبِينَ أُو۟لِى ٱلنَّعْمَةِ وَمَهِّلْهُمْ قَلِيلًا ﴿١١﴾

**11. Дуца дунги гьал дир аятал гьереси гьарулел капурзабиги те, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**! Жидее нигIматал кьурал Амма жидеца гьел нигIматазда инкар ккурал. Дагьабго мехалъ те дунги гьелги!** Дица гьезие гьабулеб гIазаб дуда нахъа бихьизе буго!

إِنَّ لَدَيْنَآ أَنكَالًا وَجَحِيمًا ﴿١٢﴾

**12. Х1акълъунго Дида аскIор цIакъ кIудиял, бакIал рахсал, гудрал руго, жиб боркьараб жужахIалъул цIаги буго.**

وَطَعَامًا ذَا غُصَّةٍ وَعَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٣﴾

**13. Жиб кваназе ва къулчIизе кIолареб квешаб махIцараб тIагIамги буго.**

Закъум абула гьелда. Жиб щокъроб къалеб, цинги я къватIибе бачIунареб, я жанибеги унареб заз буго абуна Ибну ГIаббасица (жинда Аллагь разилъаяв). **ЦIакъ жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазабги буго.**

يَوْمَ تَرْجُفُ ٱلْأَرْضُ وَٱلْجِبَالُ وَكَانَتِ ٱلْجِبَالُ كَثِيبًا مَّهِيلًا ﴿١٤﴾

**14. Гьеб Къиямасеб къо чIола мугIрулги ракьги кIобокIун, гьарщун гIодобе ун хIеренаб сали гIадин лъугьунеб къоялъ.**

Кинабго рахъ цоцалъ битIун, цохIо цIанбитIараб майдан гьабула гьаб дунялалъул. Гьелда абула ГIарасат майдан абун. Гьеб буго хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе кинабго халкъ жинда тIаде бахъине гьабулеб майдан.

إِنَّآ أَرْسَلْنَآ إِلَيْكُمْ رَسُولًا شَٰهِدًا عَلَيْكُمْ كَمَآ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ رَسُولًا ﴿١٥﴾

**15. Х1акълъунго Дица нужехъе Расул витIун вуго, я гьаб Маккаялъул агьлу, нужер гIамалазе жинца нугIлъи гьабизе бугев. Дица расул вит1аравг1адин ПиргIавнидаги ва гьесул къвавмалдаги.**

فَعَصَىٰ فِرْعَوْنُ ٱلرَّسُولَ فَأَخَذْنَٰهُ أَخْذًا وَبِيلًا ﴿١٦﴾

**16. Гьев ПиргIавн жиндихъе витIарав расуласда гIасилъана цинги дица гьев ккуна цIакъ бакIаб ва гучаб гIазабалдалъун.**

Живги жиндир къавм къибтIиялги ральдаль гьанкъизе гьаруна.

**17. Нужеца Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккураб мехалъ нуж гьесул гучаб г1азабалдаса кин цIунилел, я гьал къурайшиязул мушрикал?** فَكَيْفَ تَتَّقُونَ إِن كَفَرْتُمْ يَوْمًا يَجْعَلُ ٱلْوِلْدَٰنَ شِيبًا ﴿١٧﴾

**ГIисинал лъималги херлъизе гьарулеб, гьезда хъахIрасги баккизе гьабулеб Къиямасеб къоялъ.**

**18. Гьеб къоялъул захIмалъиялдалъун зобалги рихъ-рихъун рукIуна. Гьеб къо бачIине букIин жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, жиб тIубазе гьабулеб Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **къотIи буго.** ٱلسَّمَآءُ مُنفَطِرٌۢ بِهِۦ ۚ كَانَ وَعْدُهُۥ مَفْعُولًا ﴿١٨﴾

**19. Гьаб Къуръан буго нужее бугеб вагIза.** إِنَّ هَٰذِهِۦ تَذْكِرَةٌ ۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ﴿١٩﴾

Гьаб Къуръаналъ ахираталъул гIазабги бицун нуж кантIизе гьарулел руго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъиялда. **Жиндие бокьарав чияс Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **гIазабалдаса жив хвасарлъулеб нух ккве абе!** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхIулев вуго, жиндир лагъзадерие лъикIлъи бокьулевги вуго. Гьезие гIазаб хех гьабичIого вагIза-насихIат гьабун гьел иман лъеялде ахIулевги вуго. Гьав Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гурхIел къабул гьабизе, тавбу гьабун гьесде руссине яхI бахъе, я гьал гIадамал!

**20. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго я МухIаммад** صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ, **х1акълъунго мун вукIин, сардил лъабго бут1а гьабун к1иго бут1аялдаса дагьаб заманаль ва сардил бащдаб заманаяль ва лъабил бут1аялъул цо бут1аялъ тIаде вахъун вукIунеблъи.** Сардил лъабго бутIа гьабун кIиго бутIаялда г1агарун заманалъ тIаде вахъунев вукIана авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيْهِوَسَلَّمَ. Цо-цо мехалъ сардил лъабго бутIа гьабун цо бутIаялъ тIаде вахъуневги вукIана. **Мунгун цадахъ ругел асхIабзабазул цо къукъаги буго гьедин сардилъ тIаде рахъунел. Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **вуго жинца сордо-къоялъул къадар чIезе гьабулев.** Гьесда лъала сордо-къоялъул щибаб лахIзаталда жаниб жиндир лагъзадерица гьабулеб гIамалги.

۞ إِنَّ رَبَّكَ يَعْلَمُ أَنَّكَ تَقُومُ أَدْنَىٰ مِن ثُلُثَىِ ٱلَّيْلِ وَنِصْفَهُۥ وَثُلُثَهُۥ وَطَآئِفَةٌ مِّنَ ٱلَّذِينَ مَعَكَ ۚ وَٱللَّهُ يُقَدِّرُ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ ۚ عَلِمَ أَن لَّن تُحْصُوهُ فَتَابَ عَلَيْكُمْ ۖ فَٱقْرَءُوا۟ مَا تَيَسَّرَ مِنَ ٱلْقُرْءَانِ ۚ عَلِمَ أَن سَيَكُونُ مِنكُم مَّرْضَىٰ ۙ وَءَاخَرُونَ يَضْرِبُونَ فِى ٱلْأَرْضِ يَبْتَغُونَ مِن فَضْلِ ٱللَّهِ ۙ وَءَاخَرُونَ يُقَٰتِلُونَ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۖ فَٱقْرَءُوا۟ مَا تَيَسَّرَ مِنْهُ ۚ وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَقْرِضُوا۟ ٱللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا ۚ وَمَا تُقَدِّمُوا۟ لِأَنفُسِكُم مِّنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ عِندَ ٱللَّهِ هُوَ خَيْرًا وَأَعْظَمَ أَجْرًا ۚ وَٱسْتَغْفِرُوا۟ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌۢ ﴿٢٠﴾

**Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъалеб буго нужеда кIолареблъи сардилъ тIаде рахъиналъул цо гIорхъи чIвараб хIал гьабизе. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ нужедаса тIаса лъугьаравги вуго. Нужеца нужеда хIалкIвараб Къуръан цIале сардилъ тIаде рахъун.** ХIал кIвараб как бай абураб магIна буго гьаб Къуръан цIале абураб рагIиялъул: Какилъ гьабулеб гIамалалъул бищунго кIвар бугеб жо Къуръан цIали бугелъул. Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Гьаб рагIиялдалъун муъминзабаздаса сардилъ рахъун как бай тIаса бахъана ва гьезие гьеб суннатаблъун хутIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе сардилъ вахъун как бай паризаяб букIана» - абун.

**Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ лъалеб буго нуж кидаго цо хIалалда рукIунареблъи. Нужер цоял унтун рукIунеблъи, цоял сапаралде ун жидее хIалалаб ризкъи тIалаб гьабулел рукIунеблъи. Цоял Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьабун ракьалда тIад хьвадулелги рукIунеблъи. Нужеца Къуръаналдаса нужеда хIалкIвараб къадаралъ цIале, гьединго халкIвараб куцалъ сардилъ тIадеги рахъа!** Нужее гIорхъи чIван захIмалъи гьабулеб гьечIо Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ. **Нужеца паризаял какал гIужда рай, паризаяб закатги кье. Нужеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло ва цогидалги лъикIал нухазда нужер боцIи-мал харж гьабе! Нужеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун гьабураб лъикIаб гIамал нужеда Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб батизе буго цIакъ кIудияб жиб лъикIаб ажрулъун. Нужеца Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ мунагьал рахчиги тIалаб гьабе! ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев вуго.** Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхIиялъе ва гьев тIаса лъугьиналъе бищунго лъикIаб ва мухIканаб сабаб буго инсанас жиндир хIалалаб, бацIцIадаб боцIи-мал Аллагь جَلَّجَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун харж гьаби. Гьеб кIудяб хIикматалъе гIоло гьаб хирияб аяталъул ахир гьабуна боцIи-мал напкъаде кьеялъул бицунеблъун ва гьелда хадуб хурхине гьабун Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурхIулев ва тIаса лъугьунев вукIин бицунеблъунги.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул Муззаммилалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 74. Суратул Муддаççир

سُورَةُ المُدَّثِّر

*Гьаб суратги суратул муззаммилалда релълъун жинца Аллагьасул свалат салам лъеяв Мухӏаммад аварагасул бицен гьабулеб буго. Гьесда вахӏю рещтӏине байбихьараб заманалъул бицунеб буго. Сураталъул байбихьуда хирияв аварагасда ﷺ амру гьабулеб буго гьев Аллагьасе ﷻ тӏагӏат гьабизе тӏаде вахъа абун ва жиндир къавмалъе Аллагьасул ﷻ гӏазабалдалъун хӏинкъи кье абунги.*

*Куфру-ширкалъул агьлуялъе Къиямасеб къоялъул гӏазабалдалъун хӏинкъи кьолеб буго. Аллагьасул ﷻ ццим бахъарав Алвалид ибнул Мугъират абулев пасикъав ва капурав чиясул къисаги бицунеб буго.*

*Ахираталда муъмиинзабаздаги капурзабаздаги гьоркьоб букӏунеб бахӏсалъул бицен гьабун буго.*

*Сураталъул ахиралда мушриказ Аллагьасда ﷻ иман лъунгутӏиялъе сабабги бицун буго: гьеб буго гьел мушрикал ахират букӏиналде божуларел, гьелдаса хӏинкъуларел рукӏин.*

***Жив гурхӏулев, гурхӏел гӏамав Аллагьасул цӏаралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1. **Я гьав жиндир ратӏлилъ вахчун вегун вугев авараг!** يَا أَيُّهَا الْمُدَّثِّرُ ﴿١﴾

2. **Мун тӏаде вахъа ва дуца къавмалъе хӏинкъи кье жидеца иман лъечӏони гьезие букӏине бугеб гӏазабалдалъун.** قُمْ فَأَنذِرْ ﴿٢﴾

3. **Дуца дур Бетӏергьан Аллагьги кӏодо гьаве.** وَرَبَّكَ فَكَبِّرْ ﴿٣﴾

Гьесие тасбихӏ гьабе ва рецц гьабе. Гьев вуго жив кӏодо гьавизе хӏакъав, жиндаса хӏинкъизе тӏадав. Мун щивго чиясдаса хӏинкъуге дуда тӏад къараб рисалат тӏобитӏун халкъ Исламияб диналде ахӏулеб мехалъ. Щивго чи гьечӏо Аллагьасул ﷻ хӏукму-къадар хисизе гьабизе кӏолев.

4. **Дуца дур ретӏелги бацӏцӏад гьабе!** وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ ﴿٤﴾

Муъминзабазда рекъоларо чорокаб ретӏелгун рукӏине, нажасаб, жиндаса ракӏкъалеб жо жинда цадахъ букӏине. Гьаб амру хирияв аварагасда ﷺ гьабиялъе сабаб букӏана Маккаялъул мушрикал рукӏин жидеца чорокаб жоялъул кӏвар гьабуларел. Гьезда хилиплъи гьабе ва рацӏцӏалъи гьабе абун амру гьабулеб буго аварагасда ﷺ ва киналго муъминзабазда.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Дуца дур ретIел бацIцIад гьабе!»-абураб рагIиялъул магIна буго дуца ракI бацIцIад гьабе куфру-ширкалдаса абураб»-абун. Гьеб магIна ритIухъ гьабулел мисалал гIараб мацIалда жанир гIемерал руго.

**5. Хъанчалги цогидал алагьазабиги дуца рехун те, гьел рикIкIад гьаре.** وَٱلرُّجۡزَ فَٱهۡجُرۡ ۝٥

Гьединго дуца рикIкIад гьабе кинабго жиндилъ нукъсанлъи бугеб тIабигIат-гIамалги ва дуца гьел мушриказул хъубал тIабигIатал дур тIабигIаталлъун ккоге!

**6. Дуца гIадамазе лъикIлъи гьабуге, гьезие боцIи-мал кьоге, гьелде данде дуе жеги гIемеораб боцIи-мал кьеялде хьул лъун.** وَلَا تَمۡنُن تَسۡتَكۡثِرُ ۝٦

Дуца кигIан гIемер садакъа-хайрат гьабуниги гьеб дагьаб жолъун бихьун вукIа. Дуца кьураб садакъа ва гьабураб лъикIлъи гIемераб жо буго абун чIухIун вукIунге.

**7. Аллагьасул** ﷻ **диналъе гIоло дуде щвараб захIмалъиялда сабру гьабе!** وَلِرَبِّكَ فَٱصۡبِرۡ ۝٧

Гьеб буго дуе бугеб ажру ва кири.

**8. Къиямасеб къо чIун халкъ тIаде бахъине гьабизе ссуралъубе пураб мехалъ,** فَإِذَا نُقِرَ فِي ٱلنَّاقُورِ ۝٨

**9. Гьеб къо буго цIакъ жиб бакIаб ва захIматаб къо.** فَذَٰلِكَ يَوۡمَئِذٖ يَوۡمٌ عَسِيرٌ ۝٩

**10. Капурзабазе бигьаяб гуреб къо буго гьеб.** عَلَى ٱلۡكَٰفِرِينَ غَيۡرُ يَسِيرٖ ۝١٠

Гьеб къоялъ гьел гьурмал чIегIерлъун, берал цIикаралльун ва гIачIихараллъун тIаде рахъине гьарула, халкъалда цере жал цIакъ инжит гьарунги рукIуна. Гьаб рагIиялъ баян гьабулеб буго гьеб Къиямасеб къо муъминзабазе захIматаб къо гьечIеблъи. Дуца гьеб къоялъул захIмалъиялдаса ниж цIунеха БетIергьан Аллагь!

**11. Дуца дун те, МухIаммад** ﷺ**, ва дица жив цохIого вижарав** Алвалид ибну ал-Мугъират абулев пасикъав чиги те! ذَرۡنِي وَمَنۡ خَلَقۡتُ وَحِيدٗا ۝١١

Дица гьабизе буго гьесие гIазаб. Гьев Валид «цохIого вижана» абураб рагIиялъул магIна буго гьев эбелалъ гьавураб мехалъ цохIого вукIана: гьесул лъимал-хъизан, боцIи-мал букIинчIо абураб.

**12. Цинги Дица гьесие гIемераб боцIи-магIишатги кьуна:** варанаби, гIиял кьуна, кIудиял وَجَعَلۡتُ لَهُۥ مَالٗا مَّمۡدُودٗا ۝١٢

ахал-хурзалги кьуна, даран-базар гьабун гьелдаса хайир гьабулевги вукIана.

**13. Живгун цадахъ гIадамазда гьоркьор чIолел, жидер рагIиялда гIадамаз гIинтIамулел васалги кьуна.** وَبَنِينَ شُهُودًا ﴿١٣﴾

Гьесул анцIго вас вукIана жидер рагIи билълъарал, гIадамаз жал къабул гьарулел. Гьездаса лъабго васас иман лъуна.

**14. Дица гьесие дунялалъул ризкъи ва магIишат цIакъ тIибит1ана тамахаб бусен тIибиIулеб гIадин.** وَمَهَّدتُّ لَهُۥ تَمۡهِيدٗا ﴿١٤﴾

Гьесие инсанасе дунялалда букIине бокьулеб кинабго жо букIана: ханлъиги, бечелъиги, къадру-кьимат буголъиги, васал гIемерал рукIинги.

**15. Цингиги гьесул хьул лъолеб буго дица гьесул бечелъи ва ханлъи цIикIкIине гьабила абун.** ثُمَّ يَطۡمَعُ أَنۡ أَزِيدَ ﴿١٥﴾

Гьаб дица жиндие кьураб жоялда щукруги гьабичIого, дун жиндир БетIергьан Аллагь вукIинлдаги мукIурлъичIого, гьесда ракIалде кколеб буго жив жегиги бечелъун, къадру кIодолъун вукIине вуго абун.

**16. Гьедин гьечIо амру!** كَلَّآۖ إِنَّهُۥ كَانَ لِأٓيَٰتِنَا عَنِيدٗا ﴿١٦﴾

Дица гьесие лъикIлъи цIикIкIине гьабуларо. Дица гьесда цIакъ гучаб гIазаб чIамизе гьабила. **Х1акълъунго гьев чи вукIана жинца Дир Къуръаналъул аятазда инкар кколев,** Дир авараг ﷺ гьереси гьавулев, хIакъаб жоялда нахъвилълъине чIухIи ва гIамалкIодолъи гьабурав.

**17. Дица гьесда баччизе кIолареб гIазаб тIад къала ва гьеб гIазабалъулъ гьев даим гьавила.** سَأُرۡهِقُهُۥ صَعُودًا ﴿١٧﴾

ЖужахIалда жаниб бугеб цIвакараб кьурулъан тIаде вахунев вукIина гьев гIемераб мехалъ. Гьеб гIакъуба-гIазаб чIамун гьанжени жив тIаде вахина абун ракIалде ккараб мехалъ хъущтIун жужахIалде жаниве вортила. Гьаб хIадис бицана имам Тирмезияс ва ХIакимица.

**18. Гьес Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалъул ва гьеб цIалулев расуласул хIакъалъулъ пикру гьабуна ва щиб квешлъидай аврагасе гьабила, щиб гIайибдай Къуръаналда чIвала абун жив ургъана.** إِنَّهُۥ فَكَّرَ وَقَدَّرَ ﴿١٨﴾

**19. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив чIваяв ва гIодовегIан гьавеяв! Кинха кIвараб гьесда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламалдаги ва гьесул расуласдаги данде вахъине?** فَقُتِلَ كَيۡفَ قَدَّرَ ﴿١٩﴾

**20. Цингиги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жив чIваяв, кин гьев Алвалид Алагьасдаги гьесул расуласдаги данде вахъунев?** ثُمَّ قُتِلَ كَيۡفَ قَدَّرَ ﴿٢٠﴾

**21. Гьев цингиги ургъана,** ثُمَّ نَظَرَ ﴿٢١﴾

**22. цинги гьесул гьумер букIкIана, гьеб ургъалил цIун сурана,** ثُمَّ عَبَسَ وَبَسَرَ ﴿٢٢﴾

**23. цинги гьев Къуръаналда нахъвилълъиналдаса вуссана ва гьес чIухIи загьир гьабуна.** ثُمَّ أَدْبَرَ وَاسْتَكْبَرَ ﴿٢٣﴾

**24. Жинцаги абуна: «Гьаб жо гьеч1о сихIру гурого, МухIаммадица ﷺ сихIручагIаздаса лъазе гьабун жиб цIалулеб» - абун.** فَقَالَ إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ يُؤْثَرُ ﴿٢٤﴾

**25. «Гьаб жо гьечIо инсанас ургъараб гьесул рагIи гурони»-абун.** إِنْ هَٰذَا إِلَّا قَوْلُ الْبَشَرِ ﴿٢٥﴾

Гьаб Аллагьасул ﷻ калам гьечIо ва гьав МухIаммадги ﷺ Аллагьасул ﷻ Расул гьечIо. Гьев сихIручи вуго абун.

Гьал аятал (11-25 аятал) рещтIине гьариялъе сабаб бицун тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг как балев вугеб мехалъ гьесда аскIосан унев Алвалид гьес цIалулеб Къуръаналъухъ гIенеккана ва гьесие гьеб Къуръан цIалиялъ ракIалде цо асар лъугьине гьабуна. Цинги гьев бану махзумиял абулеб къавмалъул церехъабазул мажлисалде ана ва жинца абуна: «Валлагьи дида гьанже МухIаммадица цIалулеб калам рагIана. Гьеб жо я гIадамазул, я женазул калам гьечIо. Валлагьи гьеб каламалъул цо батIияб гьуинлъи буго, ва гьелъул батIияб пасихIлъиги буго. Гьеб каламалъул кинабго рахъ жинда пихъ бараб гъвет1алда релъун буго. Гьеб калам кинабго каламалдаса жиб бергьунеб, жиндаса цоги калам бергьунареб буго»- абун.

Цинги гьев Алвалид рукъуве араб мехалъ Къурайшияз абуна: «Валлагьги гьав Алвалидги нилъер диналдаса вуссун вуго, гьаб хIалалъ гьес киналго къурайшиялги жидер диналдаса руссинаризе руго». –абун. Абужагьалица абуна: «Дица цIунила нуж Алвалидил заралалдасан" – абун. Цинги гьев Абужагьал ана Алвалидихъе ва цIакъ пащманго вугев гIадин гьесда аскIов гIодов чIана. Алвалидица гьесда абуна: «Я дир вац! Дида мун цIакъ пащманлъун вихьулев вуго, дуе бугеб жо щиб?»- абун. Абужагьалица абуна: «Кин дун пащманлъиларев, гьал къурайшиял руго гьанже мун кIодолъун вугин, дуе боцIи-мал данде гьабун гьеб кьезе абун ургъулел. Гьез абулеб буго дуда МухIаммадица цIалулеб калам берцин бихьун бугин гьесул квен-тIехалде хьул лъун, дуе гьесдаса боцIи-мал щвезеги бокьун бугилан» - абун.

Гьеб калам рагIараб мехалъ Алвалидил цIакъ ццим бахъана ва гьес

абуна: «Къурайшииязда лъаларогонищ бугеб дун гьезул бищун бечедав вукIин ва дир васал гIемер рукIинги? Гьев МухIамадги гьесул асхIабзабиги цониги нухалъ гIорцIизегIан жидеца квен кванарал чагIи ругищ, гьезул цогидазе кьезе тIагIам букIине ккани?» - абун.

Цинги гьев тIадеги вахъун Абужагьалгун цадахъ къурайшазул ханзабахъе вачIана ва жинца гьездаги абуна: «Я гьал къурайшазул ханзаби! Нужеца абулеб буго гьав МухIаммад жундуца ккурав чи вуго абун. Нужеда гьев цониги нухалъ унти бачIун чIвачIвадулев вихьанищ?» - абун. Гьез абуна: «ВихьичIо, бичасхIаги» - абун. Алвалидица абуна: «Нужеца абулеб буго гьев Кагьин вуго абун (жинца балъгояб жо бицуна абун кIалъалев чи). Нужеда гьев цониги нухалъ гьеб кагьинлъи гьабулев вихьанищха?» - абун. Гьез абуна: «ВихьичIо, БичасхIаги» - абун. Хадубги Алвалидица абуна: «Нужеда гьев цониги нухалъ шигIру цIалулев рагIанищ?» - абун. Гьез абуна: «РагIинчIо, бичасхаги» - абун. Алвалидица абуна: «Нужеца абулеб буго гьев гьереси бицунев чи вуго абун. Нужеца хIалбихьи гьабунищха цониги нухалъ гьесул гьереси бициналъул?»-абун. Гьез абуна: «ГьабичIо БичасхIаги» - абун. Цинги къурайшаца абуна: «Щивха вугев гьев МухIаммад?» - абун. Дагьабго мехалъ ургъулевги чIун, хадуб Алвалидица абуна: «Гьев чи сихIручи вуго, цоги гьесда лъезе цIар гьечIо. Нужеда бихьана гурищ гьес цо чиясул хъизанги эбел-эменги цоцадаса ратIа гьарулел? Гьев МухIаммадица бицунеб жоги цоги сихIручагIаздаса жинца лъазе гьабураб сихIру буго!» - абун.

Цинги гьев Алвалидил гIакълуялда рекъон къурайшияз жидер лъималазда ва лагъзадерида амру гьабуна Маккаялъул къватIахъ ахIе «МухIаммад сихIручи вуго» - абун. Гьаб ишалдалъун Аллагьасул свлаат салам лъеяв МухIаммад авараг пащманлъидал тIадегIанав Аллагьас гьал аятал рещтIине гьаруна.

Гьав Алвалидие ва гьесда релъарал мушриказе гьабулеб гIазаб бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**26. Дица ахираталда гьев лъугьине гьавизе вуго Сакъар абун жинда цIар бугеб жужахIалде жаниве.** سَأُصۡلِيهِ سَقَرَ ٢٦

**27. Дуда щибха лъалеб МухIаммад ﷺ, гьеб Сакъар щиб жужахI бугеб!** وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا سَقَرُ ٢٧

**28. Жинца щибго жо нахъе толареб цIа буго гьеб.** لَا تُبۡقِي وَلَا تَذَرُ ٢٨

Капурзабазул къаркъалаби тIубанго жинца рухIулеб.

Цингиги гьел къаркъалаби цIидасан рижула Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ва цингиги рухIула. Гьаб хIал букIуна ахир гьечIеб абадияб заманаялъ.

**29. Жинца гьезул т1омазул кьерги хисизе гьабулеб.** لَوَّاحَةٌ لِّلۡبَشَرِ ۝٢٩

**30. Гьеб жужахI хьихьун тарав анцIила ичIго малаик вуго жидер гуч бергьарал ва гурхIел гьечIел.** عَلَيۡهَا تِسۡعَةَ عَشَرَ ۝٣٠

Гьаб аят рещтIине гьабураб мехалъ Абужагьалица къурайшиязда абуна: «Вай нужер эбел гIодаял, гьав МухIаммадица бицараб жо рагIанищ нужеда? ЖужахIалда тIад анцIила ичIго чи тун вугила! Нуж руго гIемераб жамагIат: къуват бугел ва бахIарчилъи бугел. Нужер анцIго чиясдагIаги кIола гурищ гьел жужахIалда тIад таразул цо-цо чи кквезе ва хвезавизе» - абун. Цо кутакав чияс абуна: «Дида кIола гьезул анцIила анкьго чи кквезе, нахъе хутIарав кIиго чи нужецаги кквеха!» - абун. Гьедин махсароде гьабулеб букIана гьел къурайшияз Къуръан ва гьеб Къуръан цIалулев аварагги ﷺ. ТIадегIанав Аллагьас хадубги рещтIине гьабуна:

وَمَا جَعَلۡنَآ أَصۡحَٰبَ ٱلنَّارِ إِلَّا مَلَٰٓئِكَةٗۖ وَمَا جَعَلۡنَا عِدَّتَهُمۡ إِلَّا فِتۡنَةٗ لِّلَّذِينَ كَفَرُواْ لِيَسۡتَيۡقِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ وَيَزۡدَادَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِيمَٰنٗا وَلَا يَرۡتَابَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَ وَلِيَقُولَ ٱلَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٞ وَٱلۡكَٰفِرُونَ مَاذَآ أَرَادَ ٱللَّهُ بِهَٰذَا مَثَلٗاۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ وَيَهۡدِي مَن يَشَآءُۚ وَمَا يَعۡلَمُ جُنُودَ رَبِّكَ إِلَّا هُوَۚ وَمَا هِيَ إِلَّا ذِكۡرَىٰ لِلۡبَشَرِ ۝٣١

**31. Дица гьал жужахI хьихьарал забаниятал малаикзаби гурони гьаричIо.** Гьезул къуватги гучги къурайшияязда жидеде данде рахъине кIолеб букIунаро. **Дица гьезул рикIкIенги гьабичIо (анцIила ичIго руго абун), гьел капурал гIадамазул хIалбихьизе, гьел питнаялъулъе ккезаризе гурони.** Гьезда гьел анцIила ичIго малаик цIакъ дагьаллъун рихьун ва жидеда гьезде данде чIезе кIола абун ракIалде ккун. **Жидехъе тIехь рещтIине гьабурал китабияздаги якъинго лъазе гьев МухIаммад хIакъав авараг вукIин ва гьаб Къуръанги Аллагьасул ﷻ калам букIин.** Инжил-Таваратталдаги хъван букIана жужахI хьихьарал малаикзаби анцIила ичIго руго абун. **Муъминзабазул жегиги иманги цIикIкIине.** Жидер аварагас ﷺ бицараб жо цересел Аллагьасул ﷻ тIахьазде данде кколеб батараб мехалъ. **Гьел муъминзаби ва китабияб агьлу щибго щакдаричIогоги рукIине. Жидер рекIелъ унти бугел мунапикъзабаца ва куфру-ширкалъул агьлуялъги абизе: «Аллагьасе ﷻ бокьараб жого щиб бугеб гьаб анцIила ичIго абураб рагIиялдаса»-абун. Гьедин тIадег1анав Аллагьас жиндие бокьарав чи къосине гьавула ва ждиндие бокьарав чиги хIакъаб диналда тIовитIула. Дур бет1егьан Аллагьасул аскарал кигIан гIемерал ругел цохIо Аллагьасда ﷻ гурони**

**лъаларо.** Гьел малаикзабазул къуват-гучги, гьезул рикIкIенги гьезул БетIергьан Аллагьасда лъала. **Гьаб Сакъар абураб жужахIалъул ва гьелда тIад тарал малаикзабазул бицен Аллагьас** ﷻ **гьабун гьечIо гIадамазе вагIзалъун букIине гурого,** Гьел гIадамал Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъизе ва гьел Аллагьасеги ﷻ мутIигIлъизе.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб аяталда жаниб абун буго ва цогиги аятаздаги абулеб буго: «Аллагьас ﷻ жиндие бокьарав чи къосине гьавула, жиндие бокьарав чи хIакъаб диналда тIовитIула»-абун. Гьаб ралIиялдаса мурад гьечIо Аллагьас ﷻ цо чи къосине гьавула, цогидав иманалда тIовитIула абураб. Гьаб ралIиялъул магIна буго: цо напсалъ квешаб гIамал гьаби, куфру-ширк гьаби тIаса бищараб мехалъ ва гьеб напсалъ Аллагьасул ﷻ тIоритIелги къабул гьабичIеб мехалъ, гьесул расуласда нахъги билълъинчIеб мехалъ:-Аллагьас ﷻ гьеб напсалда хIалги гьабун иман лъезе гьабуларо, гьеб жинцаго тIаса бищараб къосиналда тола. Цогигидаб напсалъ Аллагьасул ﷻ тIоритIел къабул гьабураб мехалъ ва гьеб Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабунги хьвадараб мехалъ Аллагьас ﷻ гьеб напсалъе жегиги битIун хьвадизе квербакъи гьабула, гьелъул рекIелъ иманги, нурги цIикIкIине гьабула.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасда цо чияс абуна: «Мун Шамалъул агьлуялде рагъ гьабизе абун къватIиве вахъин Аллагьасул ﷻ хIукму-къадаралдалъун букIанищ?» - абун.ГIали асхIабас гьесие жаваб гьабуна: «Вай дуе лъикI букIаяв! Дуца абулеб батила жиб хисизе гьабулареб, жиб тIад чIараб хIукму-къадар буго гьеб абураб ралIи! Гьеб амру гьедин букIарабани кириги гIазабги кин букIунеб, алжан-жужахI щиб букIунеб, аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ ритIун лъикIаб-квешаб жо баян гьабиялъул магIна щиб букIунеб? ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерида амру гьабун буго лъикIаб гIамал гьаби тIаса бище абун, гьезда нагьюги гьабун буго квешаб гIамалалдаса рикIкIалъе абун. Инсанасда тIад цIакъ бигьаяб таклиф лъун буго, гьесда хIалкIолареб жо гьабе абун абулеб гьечIо. ТIадегIанав Аллагьас тIахьалги гIадада рещтIине гьарун гьечIо, зобал-ракьалги гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъги батIулаб жолъун бижун гьечIо» - абун.

Гьаб ралIиялъул къокъаб магIна буго: ТIадегIанав Аллагьас хIал гьабун лъикIаб яги квешаб гIамал гьабизе гьабуларо. Инсанасе гIакълу-гIелмуги кьун гьев лъикIаб-квешаб жо батIа бахъизе лъалевлъун вижун вуго. Жинца гьабизе кколеб г1амал бицун Аллагьас ﷻ т1ахьал решт1ине гьарун руго, гьел т1ахьазда хъвараб жо баян

гьабизе аварагзаби عَلَيۡهِمُ السَّلَامُ рит1ун руго. Т1адег1анав Аллагьасул калам рит1ухъаб бук1ин жинда лъазе, гьелъие пикру гьабизе, зобал-ракьалда жаниб г1емераб г1ажаибаб жоги бижун буго. Цо иш ккун хадуб гьеб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадар буго абуниги, гьеб иш гьабулеб мехалъ инсан тIубараб ихтияралда вуго жинца цо нух тIаса бищизе. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадар буго гьев инсанас кIиго нухалъул цояб тIаса бищизе ва гьес тIаса бищараб нухалда гьев хьвадизеги, гьесул хьвадиялда рекъараб жазаъ гьесие гьабизеги.

**32. Гьел капурзабазде ракIалде кколеб хIалалъ гьечIо Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру!** كَلَّا وَٱلۡقَمَرِ ﴿٣٢﴾
**Зодоб бугеб моцIалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.**

**33. Жиб тIаса унеб сордоялхIаги абунги гьедулев вуго.** وَٱلَّيۡلِ إِذۡ أَدۡبَرَ ﴿٣٣﴾

**34. Жиндир канлъи загьирлъараб рогьелхIаги абунги гьедулев вуго.** وَٱلصُّبۡحِ إِذَآ أَسۡفَرَ ﴿٣٤﴾

**35. Х1акълъунго гьеб жагьаннама буго цIакъ кIудиял балагьазул ва къварилъиязул цояб.** إِنَّهَا لَإِحۡدَى ٱلۡكُبَرِ ﴿٣٥﴾
Жидедаса инсан х1инкъизе кколел ва ц1унизе кколел къварилъабазул бищунго захIматаб ва даимаб къварилъи-балагь буго ахираталда бук1унеб жужах1алъул г1азаб.

**36. Жиндалъун кинабго халкъалъе хIинкъи кьолебги буго гьеб жагьаннама,** гьел Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъизе ва гьез иман лъезе. نَذِيرٗا لِّلۡبَشَرِ ﴿٣٦﴾

**37. Нужедаса лъикIаб гIамал гьабизе цеве ккарасе ва гьеб лъикIаб гIамал гьабичIого чIарасеги жинца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ букIине букIин жинца лъазе гьабулеб буго гьаб Къуръан.** لِمَن شَآءَ مِنكُمۡ أَن يَتَقَدَّمَ أَوۡ يَتَأَخَّرَ ﴿٣٧﴾

**38. Щибаб напс жинца гьабураб гIамалалъе рагьноялъе лъураб буго** (гъоркьлъалие лъураб, залог). Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ жиндие гьабизе бугеб буго. كُلُّ نَفۡسِۭ بِمَا كَسَبَتۡ رَهِينَةٌ ﴿٣٨﴾

**39. Жидер гIамал хъварал кагътал квараниса кьурал, жидер бахьи буголъарал муъминзаби хутIизег1ан.** إِلَّآ أَصۡحَٰبَ ٱلۡيَمِينِ ﴿٣٩﴾
Гьезул напсал рагьноялъе лъурал гьечIо, гьел квешаб туснахъалдасаги хIисаб-мизаналъул захIмалъиялдасаги цIакъ бигьаго рорчIулел руго.

**40.41. Алжаналда жанир рукIун гьез цоцазда гьикъулеб бук1уна жужахIалда жанире карал капурзабазул хIалалъул.** فِي جَنَّٰتٖ يَتَسَآءَلُونَ ﴿٤٠﴾ عَنِ ٱلۡمُجۡرِمِينَ ﴿٤١﴾

مَا سَلَكَكُمْ فِي سَقَرَ ﴿٤٢﴾

**42. Нуж гьаб жужахIалде лъугьине гьабураб жогIаги щиб бугеб абун.**

قَالُوا لَمْ نَكُ مِنَ الْمُصَلِّينَ ﴿٤٣﴾

**43. Гьез жаваб гьабула: «Нижеца паризаяб как балеб букIинчIо,**

وَلَمْ نَكُ نُطْعِمُ الْمِسْكِينَ ﴿٤٤﴾

**44. Мискин-пакъирасе нижеца тIагIамги кьолеб букIинчIо.**

وَكُنَّا نَخُوضُ مَعَ الْخَائِضِينَ ﴿٤٥﴾

**45. БатIулаб, гIададисеб хабар бицунел гIадамалгун чIун гьеб гIададисеб хабар бицунелги рукIана ниж.**

وَكُنَّا نُكَذِّبُ بِيَوْمِ الدِّينِ ﴿٤٦﴾

**46. Гьаб Къиямасеб къо букIинги нижеца гьереси гьабулеб букIана.**

حَتَّىٰ أَتَانَا الْيَقِينُ ﴿٤٧﴾

**47. Гьал квешал гIамалал гьарун хьвадана ниж нижеде тIаде хвел бачIинегIан» - абун.**

فَمَا تَنفَعُهُمْ شَفَاعَةُ الشَّافِعِينَ ﴿٤٨﴾

**48. Гьаб ахираталде щун жидее гIазаб гьабулеб мехалъ гьаб куфру-ширкалъул агьлуялъе щибго мунпагIат гьабуларо жидеца шапаг1ат гьабулел гIадамазул шапагIаталъ.**

Гьез жидее лагълъи гьабурал аллагьзабиги гьездаса тIурун уна, гьез жидее шапагIат гьабила абун букIараб хьулги чIобого хутIула. Муъминзабазул, аварагзабазул عَلَيْهِمُ السَّلَامُ шапагIатги гьезие щоларо. ШапагIат гьабиялъ мунпагIат гьабуларо Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун рукIарал гIадамазе гурони. Кинабго халкъалъ «нижеца шапагIат гьабила» абуниги куфру-ширкалда хварав чиясе гьеб шапагIат гьабиялъул пайда букIунаро.

فَمَا لَهُمْ عَنِ التَّذْكِرَةِ مُعْرِضِينَ ﴿٤٩﴾

**49. Гьал мушриказе бугеб жо щибха бугеб жал Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеялдасаги Къуръаналъул вагIзаялдасаги руссун чIезе ккани?**

كَأَنَّهُمْ حُمُرٌ مُّسْتَنفِرَةٌ ﴿٥٠﴾

فَرَّتْ مِن قَسْوَرَةٍ ﴿٥١﴾

**50.51. ГъалбацIалдаса хIинкъун лъутулел гIалхул хIамул гIадин тIурун унел руго гьел гьаб хирияб Къуръан цIалулеб мехалъ ва жидеда авараг** صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **вихьараб мехалъ.**

بَلْ يُرِيدُ كُلُّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ أَن يُؤْتَىٰ صُحُفًا مُّنَشَّرَةً ﴿٥٢﴾

**52. Гьал мушриказул щивав чиясе бокьун буго жидедаги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **зодиса тIехь рещтIине гьабизе ва вахIю рещтIине.**

Гьев Мух1аммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ
расул вуго абун. Гьединаб ахIмакъаб къавм буго гьеб. Гьез иман лъечIого абун дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ!

كَلَّا بَل لَّا يَخَافُونَ ٱلۡأٓخِرَةَ ﴿٥٣﴾

53. Т1адег1анав Аллагьас абулеб буго:
**Киданиги гьезие гьебжо бук1ине гьеч1о.**
**Гьел руго жал ахираталдаса хIинкъуларел гIадамал.**

كَلَّآ إِنَّهُۥ تَذۡكِرَةٞ ﴿٥٤﴾

**54. Х1акълъунго гьаб хирияб Къуръанги вагIза-насихIат буго.**
**ХIал гьабун жинда гIамал гьабе абун абулеб гьечIо гьаб Къуръаналъ.**

فَمَن شَآءَ ذَكَرَهُۥ ﴿٥٥﴾

**55. Жиндие бокьарав чияс гьаб Къуръаналъул вагIза босула.**

وَمَا يَذۡكُرُونَ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُۚ هُوَ أَهۡلُ ٱلتَّقۡوَىٰ وَأَهۡلُ ٱلۡمَغۡفِرَةِ ﴿٥٦﴾

**56. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ иман лъеялда тIовитIарав чияс гурони гьаб Къуръаналъул вагIза босуларо. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жиндасан хIинкъизе агьлулъун вугев ва жинца мунагьал чурулев.**
**Цогиги гьединав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ гьечIо жиндие лагълъи гьабизе бегьулев ва жиндир рахIматалда хьул лъезе бегьулевги.**

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аят цIалана ва жинца абуна: *«ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго Дун агьлулъун вугин Дир гIазабалдаса хIинкъизе. Дир гIазабалдаса хIинкъарав, жинца дидехун ширк гьабун цоги щибго жоялъе лагълъиги гьабичIев чиясул мунагьал чуриялъеги агьлу вуго дун»* - абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Суратул Муддаĉĉиралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 75. Суратул Къиямат

سُورَةُ القِيَامَةِ

*Гьаб сураталъул аслияб бахIс буго Къиямасеб къоялъ халкъ тIаде бахъине гьаби ва гьезул хIисаб-суал гьабун, гьезие жазаъ гьабизе букIин бицунеб.*

*Гьеб къиямасеб къоялъул цо-цо гIаламаталги рицунел руго. Жабраил малаикас жиндие Къуръан цIалулеб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб Къуръан ракIалда чIезе гьабиялъе кин ияхI бахъулеб букIарабалиги бицун буго. Ахираталда кинабго халкъ кIиго къукъаялде бикьун букIунеблъиги баян гьабун буго: бахьи бугел ва бахьи къосарал гIадамал. Жиндир рухI бахъи гIагарлъараб мехалъ инсанаул букIунеб хIалги бицунеб буго. Баянал х1ужаби рачун ахират букIин ва Аллагьас* جَلَّجَلَالُهُ *гьаб кинабго махлукъ гIададаго бижун гьечIеблъи баян гьабулеб буго.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

لَآ أُقْسِمُ بِيَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ ۝١

**1. Дун гьедулев вуго жиб букIине букIин хIакъаб Къиямасеб къоялдалъун.**

وَلَآ أُقْسِمُ بِٱلنَّفْسِ ٱللَّوَّامَةِ ۝٢

**2. Гьединго дун гьедулев вуго жинца жиндаго гIайиб чIвалеб муъминчиясул напсалдалъунги.** Аллагьасдехун гьеб напс гIасилъараб мехалъ гьелда жив разилъуларев, гьеб напс Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ мутIигIлъиялде жинца ахIулев муъминчиясдалъун гьа гьедун ТIадег1анав Аллагьас абулеб буго Къиямасеб къоги хIисаб-мизанги жиб букIин хIакъаб жо буго абун.

أَيَحْسَبُ ٱلْإِنسَٰنُ أَلَّن نَّجْمَعَ عِظَامَهُۥ ۝٣

**3. Гьав инсанасда ракIалде кколебищ бугеб Дица хун хадуб гьесул рукьби данде гьариларо абун ва гьев чIагоги гьавиларо абун.**

بَلَىٰ قَٰدِرِينَ عَلَىٰٓ أَن نُّسَوِّيَ بَنَانَهُۥ ۝٤

4. Гьев инсанас абухъ гьеч1о амро Дица гьев инсан чIаго гьавизе вуго.
**Дир хIал кIола гьесул килщазул щибаб ракьа данде гьабун гьел цере рукIараб хIалалъ цIидаса рижине.** Гьел килщазда релълъун гьесул кинабго къаркъала цIидаса бижуна дица.

بَلْ يُرِيدُ ٱلْإِنسَٰنُ لِيَفْجُرَ أَمَامَهُۥ ۝٥

**5. Инсанасе бокьун буго гьаб тIаде рахъине гьариялда инкарги ккун жиндирго**

**къосиналъулъ ва пасикълъиялъулъ хьвадизе.**

**6. Гьев инсанас гьикъулеб буго Къиямасеб къо кида букIине бугеб абун.** يَسْـَٔلُ أَيَّانَ يَوْمُ ٱلْقِيَـٰمَةِ ۝٦

Гьелда божичIого, авараг махсароде гьавун абулеб рагIи буго гьеб.

**7. Инсанасул бер хIинкъун сверсведулеб хутIараб мехалъ.** فَإِذَا بَرِقَ ٱلْبَصَرُ ۝٧

**8. Зодисан моцIрол канлъиги араб мехалъ.** وَخَسَفَ ٱلْقَمَرُ ۝٨

**9. Бакъги моцIги кIиябго данде гьабураб мехалъ.** وَجُمِعَ ٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُ ۝٩

Ралъдалъеги рехараб мехалъ. Гьеб ралъад кIудияб цIалъун лъугьуна ва гьелдалъун капурзабазе гIазабги цIикIкIуна.

**10. Гьеб къоялъ Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун вукIарав, жиндир пасикълъи кIудияв инсанас абула:** يَقُولُ ٱلْإِنسَـٰنُ يَوْمَئِذٍ أَيْنَ ٱلْمَفَرُّ ۝١٠

**«Гьанже дие лъутизе, вортизе бакIго гьечIищ?» - абун.** Гьесда лъала жиндие Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса ворчIизе бакI гьечIеблъи ва жиндир чара хун, рес къотIун абулеб рагIи буго гьеб.

**11. Гьев вуцIун чIа абе! Гьесие ворчIизе бакI гьечIо ва гьесие гIазаб гьабичIогоги толаро.** كَلَّا لَا وَزَرَ ۝١١

**12. Гьеб къоялъ кинабго халкъалъул руссин цохIо дур БетIергьан Аллагьасде буго, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**.** إِلَىٰ رَبِّكَ يَوْمَئِذٍ ٱلْمُسْتَقَرُّ ۝١٢

Цоги гьезул руссунеб бакI гьечIо ва гьезие кумек гьабулев щивго чиги гьечIо.

**13. Гьеб къоялъ инсанасда бицуна жинца гьабураб кинабго гIамал:** гьитIинаб букIа, кIудияб букIа, лъикIаб букIа, квешавб букIа, **жинца гьабун цебехун араб букIа, жинца гьабичIого нахъе бахъун тараб букIа.** يُنَبَّؤُا ٱلْإِنسَـٰنُ يَوْمَئِذٍۭ بِمَا قَدَّمَ وَأَخَّرَ ۝١٣

**14. Гьев инсан живго вуго гьеб къоялъ жиндир гIамалазе нугIлъун.** Гьев цоги нугIасде хIажат вукIунаро. بَلِ ٱلْإِنسَـٰنُ عَلَىٰ نَفْسِهِۦ بَصِيرَةٌ ۝١٤

**15. КигIан гIемерал гIузраби гьес рачаниги, гьесие щибго бигьалъиги букIунаро.** وَلَوْ أَلْقَىٰ مَعَاذِيرَهُۥ ۝١٥

Гьеб Къиямасеб къо гIузру къабул гьабулеб къо гьечIо. Гьеб буго дунялалда гьабураб гIамалалде данде жазаъ гьабулеб къо.

**16. Дуца дур мацI багъаризе гьабуге, МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, гьеб Къуръан цIали хех** لَا تُحَرِّكْ بِهِۦ لِسَانَكَ لِتَعْجَلَ بِهِۦٓ ۝١٦

**гьабун, дуда гьеб кIочена абун хIинкъун.**

**17. Х1акълъунго Дида тIад буго гьеб Къуръан дур каранде жанибе данде гьабизе ва дуда гьеб кIочене биччачIого цIунизе.** إِنَّ عَلَيْنَا جَمْعَهُۥ وَقُرْءَانَهُۥ ﴿١٧﴾

**18. Дица Жабраил малаик цIализе виччан дуе гьеб Къуръан цIалараб мехалъ гьесдаса хадуб цIале дуца Къуръан.** فَإِذَا قَرَأْنَٰهُ فَٱتَّبِعْ قُرْءَانَهُۥ ﴿١٨﴾

Гьевгун цадахъ гьеб цIалулевлъун вукIунге. Гьес цIалулеб мехалъ мун гIенеккун чIа.

Гьал аятал рещтIине гьариялъе сабаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Жабраил малаикасда цадахъ цIалулеб букIана Къуръан жинда гьеб кIочена абун хIинкъун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ амру гьабулеб буго Жабраилас Къуръан цIалулеб мехалъ мун гIенеккун чIа, гьес цIалун лъугьараб мехалъ хадуб дуцаги цIале абун.

**19. Х1акълъунго гьеб Къуръан дуе баян гьабиги гьелъул магIна загьираб гьечIеб жоялъул магIна дуда лъазе гьабиги дида тIад буго.** ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا بَيَانَهُۥ ﴿١٩﴾

ТIадегIанав Аллагьас лъабго жо жинда тIаде босун буго гьаб аяталда жаниб, хирияб Къуръаналъул хIакъалъулъ: гьеб Къуръан МухIаммад аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ рекIелъ данде гьаби, гьеб кIоченчIого букIине гьаби ва гьеб Къуръан аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ баян гьаби.

ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ Къуръан баян гьабуна, гьесда бичIчIунареб ва лъалареб жо гьеб Къуръаналда жаниб букIинчIо. Хирияв аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ гьеб жиндир асхIабзабазе баян гьабуна ва инсан жинда хIажалъулеб къадаралъ гьел асхIабзабаздаги Къуръан баянлъун ва бичIчIун букIана.

Гьел асхIабзабаздаса босун хадусел гIалимзабаца Къуръаналъе гIемер батIияб тафсир гьабуна ва гьеб умматалъе бичIчIунеб хIалалъ цебесан цебе бицун, цIалун ва лъазе гьабун цохIо хIарп хисичIого нилъехъе щун буго. Нилъедаги тIадаб буго гьеб хирияб Къуръан нилъедаса хадур рачIунел умматазухъе щвезе гьаби гьезда бичIчIулеб хIалалъ баян гьабун. Гьеб баян гьабиялъул цо къагIида буго хирияб Къуръаналъул тафсир щибаб къавмалъул мацIалде бусине гьабиги.

Гьеб тафсиралъе таржама гьабизе бегьуларо абун кIалъалел гIадамал руго Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам гIадамаздаса бахчулел гIадамал.

**20.21. Нужеца абухъе гьечIо амру, я гьал мушрикал! Нуж руго дунялалъул чIаголъи бокьарал гIадамал.** كَلَّا بَلْ تُحِبُّونَ ٱلْعَاجِلَةَ ﴿٢٠﴾ وَتَذَرُونَ ٱلْءَاخِرَةَ ﴿٢١﴾

**Гьедин букIиналъ нужеца инкар кколеб буго ахират букIиналда, ва гьеб ахираталъе нужеца щибго гIамалги гьабулеб гьечIо.**

**22. Гьеб ахираталда жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъун, гьев разилъи тIалаб гьабун дунялалда хьвадарал муъминзабазул гьурмал цIакъ берцинлъун, гвангъун рукIуна.** وُجُوهٞ يَوۡمَئِذٖ نَّاضِرَةٌ ﴿٢٢﴾

**23. Жидер Бет1ергьан Аллагьасда ралагьунги рук1уна.** إِلَىٰ رَبِّهَا نَاظِرَةٞ ﴿٢٣﴾

**24. Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккун куфру-ширкалда рукIарал гIадамазул гьурмал гьеб къоялъ цIакъ сурукълъун, рукIкIун рукIуна,** وَوُجُوهٞ يَوۡمَئِذِۭ بَاسِرَةٞ ﴿٢٤﴾

**25. Жидее щиб къварилъи-гIазабдай гьабила абун хIинкъунги рукIуна.** تَظُنُّ أَن يُفۡعَلَ بِهَا فَاقِرَةٞ ﴿٢٥﴾

**26. Нуж кантIе, я гьал мушрикал!** كَلَّآ إِذَا بَلَغَتِ ٱلتَّرَاقِيَ ﴿٢٦﴾
**Нужеца ахират кIочон дунял тIаса бищи реххун те!**
**Нужер рухIал рахъулел рукIун щокърore щвараб мехалъ,**

**27. гьев холев чиясда сверун лъугьун гьесул агьлу-хъизан гIодараб мехалъ: «ГьечIевищ гьев чи хвасар гьавулев гьев сах гьавулев чиго?!» - абун.** وَقِيلَ مَنۡۜ رَاقٖ ﴿٢٧﴾

**28. Гьев чиясда жиндагоги лъараб мехалъ жив дунялалдаса ватIалъулев вукIин.** وَظَنَّ أَنَّهُ ٱلۡفِرَاقُ ﴿٢٨﴾

**29. Гьесул кIиябго махIуги цоцаде хурхараб мехалъ хвалил захIмалъи чIамулев вукIун,** وَٱلۡتَفَّتِ ٱلسَّاقُ بِٱلسَّاقِ ﴿٢٩﴾
яги мусруялда жанив вухьараб мехалъ. **Гьеб къоялъ лъала гьав капурав инсанасда жиндир БетIергьан Аллагь вукIин.**

**30. Дур БетIергьан Аллагьасде буго гьеб къоялъ, гьеб кинабго халкъ цебе къотIун бачIине ва гьев Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабизе буго гьезул хIисаб-мизан ва гьезул гIамалалда рекъараб жазаъги.** إِلَىٰ رَبِّكَ يَوۡمَئِذٍ ٱلۡمَسَاقُ ﴿٣٠﴾

**31. Аллагьасдаги** جَلَّجَلَالُهُ **ахираталдаги инкар ккурав чияс Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **какги бачIо, гьесул калам Къуръанги ритIухъ гьабичIо.** فَلَا صَدَّقَ وَلَا صَلَّىٰ ﴿٣١﴾

**32. Кинниги гьес Къуръанги аварагги** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **гьереси гьавуна ва иман лъеялдаса живги вуссун чIана.** وَلَٰكِن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ﴿٣٢﴾

**33. Цинги гьев жиндир агьлуялъухьеги ана рильлъен чIухIизе гьабун, жив кIичIардилаго.** ثُمَّ ذَهَبَ إِلَىٰٓ أَهۡلِهِۦ يَتَمَطَّىٰٓ ﴿٣٣﴾

أَوْلَىٰ لَكَ فَأَوْلَىٰ ﴿٣٤﴾ ثُمَّ أَوْلَىٰ لَكَ فَأَوْلَىٰ ﴿٣٥﴾

**34.35. Дуе цIакъ квешаб гIазаб букIине бугоха, я гьав чIухIарав, бахьикъосарав чи!**
**Цингиги Дица дуе хIинкъи кьолеб буго гьеб квешаб гIазабалдалъун.** Мун кантIе ва рекIеда вате дуда гьеб гIазаб рещтIиналде цеве!
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Абужагьалил кверги ккун гьесие гьаб кIиго аят цIалараб мехалъ Абужагьалица абуна: «Дуца дие хIинкъийищ кьолеб бугеб, я МухIаммад ﷺ! Валлагьи дудаги дур Аллагьасдаги ﷻ кIоларо дие щибго жо гьабизе! Валлагьи дун гьаб Макка шагьаралъул бищунго хириял гIадамаздаса вуго!» - абун. Гьелдаса гIемер заманго инчIого гьев Абужагьал Бадроялда чIвана цIакъ квешаб чIваялъ.

أَيَحْسَبُ الْإِنسَانُ أَن يُتْرَكَ سُدًى ﴿٣٦﴾

**36. Гьав инсанасда ракIалде кколебищ бугеб жив гьадинго (мугьмалго) тела абун.**
Жинда таклиф гьабичIого. ТIаде вахъине гьавичIого, хIисаб-мизан гьабичIого, жазаъ гьабичIого. Гьедин толаро Аллагьас ﷻ, гьедин гIададаго тезелъун бижараб гьечIо гьаб кинабго гIаламги.

أَلَمْ يَكُ نُطْفَةً مِّن مَّنِيٍّ يُمْنَىٰ ﴿٣٧﴾

37. Гьев инсанас пикру гьабуларищ жив щиб жоялдаса вижарав абун.
**Гьесул авал манидал къатIра букIинчIищ жиб къватIибе рехулеб, жиндир щибго къимат гьечIеб?**

ثُمَّ كَانَ عَلَقَةً فَخَلَقَ فَسَوَّىٰ ﴿٣٨﴾

**38. Цинги гьеб манидал къатIраялдаса бидул горо лъугьун, хадуб гьанал къотIеллъун вукIинчIищ гьев инсан?**
**Гьеб къотIелалдаса жив вижун, жиндир къаркъала берцинаб, камилаб гьабуна.**

فَجَعَلَ مِنْهُ الزَّوْجَيْنِ الذَّكَرَ وَالْأُنثَىٰ ﴿٣٩﴾

**39. Цинги гьев инсанасул кIиго тайпа гьабуна: цоял бихьинал, цоял руччаби.**
Гьаб хIалалъ тIадегIанав Аллагьас вижарав загIипав, гIажизав инсан гьев жиндир БетIергьанасе гIибадат гьабизе кин чIухIулев ва гьесде гIасилъизе кин хIинкъуларев?

أَلَيْسَ ذَٰلِكَ بِقَادِرٍ عَلَىٰ أَن يُحْيِيَ الْمَوْتَىٰ ﴿٤٠﴾

**40. Гьаб рехсараб х1алалъ жинца инсан вижарав Аллагь ﷻ жиндир хIал кIолев гьечIищха гьев хун хадув цIидаса вижинеги?**
Вуго Аллагь ﷻ жиндир хIалкIолев ва нижги гьелда иман лъураздаса руго.
Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аят цIалараб мехалъ абулеб

букIана: *«СубхIанака! Мун вацIцIадав вугоха Аллагь* جَلَّجَلَالُهُ, *БичасхIаги мун хварал чIаго гьарулевги вуго»* - абун. Х1адис ибну Жаририца бицана.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул Къияматалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 76. Суратул Инсан

سُورَةُ الإِنسَانِ

*Гьалда «сурату Ддагьриги» абула: заманаялъул бицунеб сурат. Гьаб сураталъ аслияб хIалалъ ахираталъул ахIвал-хIалалда хурхарал масъалаби рицунел руго. Хасго кIвар кьун буго Аллагьасдаса* جَلَّ جَلَالُهُ *хIинкъарал муъминзабазе ругел абадиял алжаналъул нигIматал рициналде.*

*Сураталъул байбихьуда тIадегIанав Аллагьас инсан вижиналъул тартиб бицун буго: Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *хIалкIолъиялда тIоритIел гьабизе бокьарал гIадамазе далиллъун букIине. Гьелдаса хадуб муъминзабазе ахираталда ругел нигIматалги, гьезул берцинаб, аваданаб яшавги бицун буго.*

*Сураталъул ахиралда гьаб Къуръан вагIзалъун букIин баян гьабун буго, гьаб Къуръаналъул тIоритIел жинца ккурав чи Аллагьасде* جَلَّ جَلَالُهُ *унеб нух жинца ккурав чи вукIинги баян гьабун буго.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

هَلْ أَتَىٰ عَلَى ٱلْإِنسَٰنِ حِينٌ مِّنَ ٱلدَّهْرِ لَمْ يَكُن شَيْـًٔا مَّذْكُورًا ١

**1. ХIакълъунго гьев инсанасул гIемераб заман ана жив дунялалда гьечIого, жив лъидаго лъаларев вукIун.**
Гьев инсанасул эбел-инсул чорхолъ манидул къатIралъун вижинелде цебеги гIемераб гIалам букIана, гьев дунялалда гьечIо абун гьаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалъулъ щибго камураб жо букIинчIо, чIобого хутIараб бакIги букIинчIо, гьев инсанасде хIажатав щивго чиги вукIинчIо.

إِنَّا خَلَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ مِن نُّطْفَةٍ أَمْشَاجٍ نَّبْتَلِيهِ فَجَعَلْنَٰهُ سَمِيعًۢا بَصِيرًا ٢

**2. ХIакълъунго Дица гьев инсанги вижана жиб цоцалъе жубараб маниялдаса жиндир хIалбихьи гьабулевлъун.**
Гьесда тIад шаргIиял таклифалги лъун гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъуладай абун. Гьесие нигIматал кьураб мехалъ щукру гьабуладай абун, къварилъи тIаде бачIараб мехалъ сабруги гьабуладай абун. **Дица Гьев жинда жо бихьулев ва жинда рагIулевги гьавуна.** Гьаб махлукъалъул пикру гьабун, гьелъул Халикъ вукIин жинда лъазе гIакълуги бугев, бицунеб жоги рагIулев, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъалъул гIажаибал жал жинда рихьулевги гьавуна.

إِنَّا هَدَيْنَٰهُ ٱلسَّبِيلَ إِمَّا شَاكِرًا وَإِمَّا كَفُورًا ٣

**3. ХIакълъунго Дица гьев инсанасда кIиго батIияб нух букIинги баян гьабуна.**

Аварагзабиги عَلَيۡهِمُ السَّلَامُ ритIун, тIахьалги рещтIине гьарун лъикIабги квешабги жо баян гьабуна. **Жинца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун гьесул нигIматазе щукруги гьабун хьвадизе, яги Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIого, гьесул нигIматазда инкар ккурав вукIине.** Гьедин Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ инсанасе ихтияр кьун буго лъикIабги квешабги жо батIа гьабизе ва гьелдаса жиндие бокьараб тIаса бищизе. Инсанас цо нух тIаса бищун хадуб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев гьеб нухалъ хьвадулевги тола, гьесда зулму гьабун лъикIлъиниги, квешлъиниги гьабизе гьабуларо.

**4. ХIакълъунго Дида инкар ккун хьвадарал гIадамазе Дица ахираталда хIадурун буго жужахIалъул боркьараб цIаги, маххул рахсал ва гудралги.** إِنَّآ أَعۡتَدۡنَا لِلۡكَٰفِرِينَ سَلَٰسِلَاْ وَأَغۡلَٰلٗا وَسَعِيرًا ﴿٤﴾

Жидер квералги хIатIалги горбоде рухьун жужахIалде жанире рехула гьел ва абадиялъго гьеб гIазабалъулъги рукIуна.

**5. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал алжаналда жанир рукIине руго. Жодоца гьекъолеб жоги жинда гьоркьобе цIакъ махI гьуинаб кафур абулеб лъим жубараб букIине буго.** إِنَّ ٱلۡأَبۡرَارَ يَشۡرَبُونَ مِن كَأۡسٖ كَانَ مِزَاجُهَا كَافُورًا ﴿٥﴾

**6. Алжаналъул иццаздасан чвахун бачIуна гьеб кафур, ва гьеб гьекъола жидеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъарал Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ муъминал лагъзадерица. Жидеца гьеб кафурги ва цогидаб гьекъолеб жоги жидеего бокьараб бакIалдаса билълъине гьабула.** عَيۡنٗا يَشۡرَبُ بِهَا عِبَادُ ٱللَّهِ يُفَجِّرُونَهَا تَفۡجِيرٗا ﴿٦﴾

Гьел кире ругониги гьезие гьекъезе бокьараб мехалъ гьезул квер гIунтIулеб бакIалда рукIуна алжаналъул гьекъолел нигIматал. Гьединго рукIуна пихъалги ва цогидаб ризкъиги.

Ахираталда жидее алжанал ругел муъминзабазул дунялалда рукIарал сипатал рицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**7. Жидеца гьабураб назру ва къотIи тIубалеллъун рукIана гьел. Жиндир квешлъи ва гIазаб гIаммаб, гьеб кибго тIибитIараб Къиямасеб къоялъул гIазабалдасаги жал хIинкъулел рукIана.** يُوفُونَ بِٱلنَّذۡرِ وَيَخَافُونَ يَوۡمٗا كَانَ شَرُّهُۥ مُسۡتَطِيرٗا ﴿٧﴾

**8. Жидеего бокьунги букIун, жал гьелда хIажаталги рукIун, жидеца мискин-пакъирасе ва ятимасе ва асирлъун** وَيُطۡعِمُونَ ٱلطَّعَامَ عَلَىٰ حُبِّهِۦ مِسۡكِينٗا وَيَتِيمٗا وَأَسِيرًا ﴿٨﴾

**ккарасе тIагIам кьолелги рукIана.**

9. Жидецаги абулеб букIана:
**«ХIакълъунго нижеца гьеб тIагIам нужее кьолеб буго Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун.**
**Нижее нужедаса гьеб тIагIам кьеялде данде жазаъ гьаби бокьун гьечIо ва щукру гьабиги бокьун гьечIо» - абун.**
Мужагьид абулев гIалимас абуна: «Валлагьи гьаб рагIи гьезул кIалалъ абуларо. Гьезул хIал лъан тIадегIанав Аллагьас абулеб буго гьаб рагIи» - абун.

إِنَّمَا نُطْعِمُكُمْ لِوَجْهِ ٱللَّهِ لَا نُرِيدُ مِنكُمْ جَزَآءً وَلَا شُكُورًا ﴿٩﴾

**10. ХIакълъунго ниж хIинкъун руго нижер БетIергьанасул гIазабалдаса жиндир гIазаб гучаб, жинца гьурмал рукIкIине гьарулеб, жиб захIматаб Къиямасеб къоялъулъ жиб букIунеб.**

إِنَّا نَخَافُ مِن رَّبِّنَا يَوْمًا عَبُوسًا قَمْطَرِيرًا ﴿١٠﴾

**11. Аллагьас ﷻ гьел муъминзаби цIунула гьеб захIматаб къоялъул квешлъиялдаса, гьезие Аллагьас ﷻ кьола гьурмазул берцинлъи ва ракIазул рохел.**

فَوَقَىٰهُمُ ٱللَّهُ شَرَّ ذَٰلِكَ ٱلْيَوْمِ وَلَقَّىٰهُمْ نَضْرَةً وَسُرُورًا ﴿١١﴾

**12. Жидеца дунялалда Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялда тIад чIун, Аллагьасда ﷻ гIасилъиялдаса рикIкIалъун сабру гьаби сабаблъун Аллагьас ﷻ гьезие жазаъ гьабула Алжаназул нигIматаздалъун ва дарай-зарбалъул ретIелаздалъунги.**

وَجَزَىٰهُم بِمَا صَبَرُوا۟ جَنَّةً وَحَرِيرًا ﴿١٢﴾

**13. Алжаназул кIалгIабазул рагъабазда берцинал тIохазда тIад гIодорчIун рукIуна гьел муъминзаби. Гьезие гьеб алжаналда жаниб бакъ букIунаро жинца хинлъизе гьарулеб ва квачазе гьарулеб гьуриги букIунаро.**
Гьаб алжаналда жаниб Аллагьасул ﷻ ГIарщалдаса жиб бачIунеб берцинаб гьогьен букIуна.

مُّتَّكِـِٔينَ فِيهَا عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ ۖ لَا يَرَوْنَ فِيهَا شَمْسًا وَلَا زَمْهَرِيرًا ﴿١٣﴾

**14. Гьел муъминзабазде гIагарлъун букIуна алжаналъул гьутIбузул рагIад.**
**Алжаназул пихъалги гьезие квегъун, гIагар гьарун рукIуна.**
Щиб хIалалда жал ругониги жидер квер битIун босулеб бакIалда букIуна алжаналъул пихъалги, гьекъелалги, квенги.

وَدَانِيَةً عَلَيْهِمْ ظِلَـٰلُهَا وَذُلِّلَتْ قُطُوفُهَا تَذْلِيلًا ﴿١٤﴾

**15. Алжаналъул гьилманал гьезда тIаде хьвадула гIарцул цIарагIазда жанир лъурал нигIматалги росун.**

وَيُطَافُ عَلَيْهِم بِـَٔانِيَةٍ مِّن فِضَّةٍ وَأَكْوَابٍ كَانَتْ قَوَارِيرَا۠ ﴿١٥﴾

**Берцинал, жидеда гъорлъан канлъи бихьулеб гьекъолеб жо жаниб бугел сурахIалги рукIуна гьезда кодор.**

**16. Жал гIарцудаса гьарурал ва жидеда жаниб цо нухалъ гьекъезе гIураб гьекъел бугел.** قَوَارِيرَا۟ مِن فِضَّةٍ قَدَّرُوهَا تَقْدِيرًا ١٦

Гъоркьеги хутIулареб, тIокIаб тIадеги хIажалъулареб хIалалъ букIуна гьеб гьекъолеб жо.

**17. Жидее гьеб алжаналда жаниб занжабил жубараб хамродал лълъарги кьола гьекъезе.** وَيُسْقَوْنَ فِيهَا كَأْسًا كَانَ مِزَاجُهَا زَنجَبِيلًا ١٧

Гьеб занжабил буго гIарабиязе жиндир махI бокьулеб инбирь абулеб хер. Алжаналда гьеб занжабил лъел ицц гIадин чвахулеб букIуна.

**18. Жинда Салсабил абун цIар бугеб цIакъ гьуинаб, жиб гьекъезе бокьулеб лълъел иццалдасаги гьекъола Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жинда гIагар гьарурал муъминзабаца.** عَيْنًا فِيهَا تُسَمَّىٰ سَلْسَبِيلًا ١٨

**19. Гьел муъминзабазде тIаде алжаналъул гъилманалги хьвадула: Даимго алжаналда жанир рукIунел, жидер гьурмал ва чурхдул берцинал, жидеда балагьараб мехалъ гIодобе щущан бараб луъ-луъ буго абун кколел рукIуна гьел гъилманал.** ۞ وَيَطُوفُ عَلَيْهِمْ وِلْدَٰنٌ مُّخَلَّدُونَ إِذَا رَأَيْتَهُمْ حَسِبْتَهُمْ لُؤْلُؤًا مَّنثُورًا ١٩

**20. Гьел алжназда жанир ругел гIажаибал нигIматал ва берцинлъаби дуда рихьараб мехалъ дуда цIакъ кIудияб мулк ва нигIматал рихьула.** وَإِذَا رَأَيْتَ ثَمَّ رَأَيْتَ نَعِيمًا وَمُلْكًا كَبِيرًا ٢٠

**21. Гьеб алжаналъул агьлуялда тIад бугеб ретIелалъул тIасияб рахъ гIурччинаб сундусалъул ва истабракъ абулеб дарай букIуна. Гьезда тIад ран гIарцул берцинал курхьин-кIилкIалги рукIуна ва гьезда БетIергьан Аллагьас цIакъ берцинаб, бацIцIадаб гьекъолеб жоги гьекъезе гьабула,** عَالِيَهُمْ ثِيَابُ سُندُسٍ خُضْرٌ وَإِسْتَبْرَقٌ وَحُلُّوٓا۟ أَسَاوِرَ مِن فِضَّةٍ وَسَقَىٰهُمْ رَبُّهُمْ شَرَابًا طَهُورًا ٢١

жинда лъилго квер хьатIичIеб, мискалъул махI жинда бугеб гьекъел букIуна гьеб. Алжаналде жанире лъугьине гьарун жидер кIалгIабахъ хIалхьараб мехалъ ва гьел гIажаибал нигIматалги жидеда рихьараб мехалъ алжаналъул агьлуялда абула:

**22. ХIакълъунго гьаб кинабго жо нужее буго нужеца дунялалда гьабураб** إِنَّ هَٰذَا كَانَ لَكُمْ جَزَآءً وَكَانَ سَعْيُكُم مَّشْكُورًا ٢٢

**лъикIаб гIамалалъул жазаълъун, гьеб нужер гIамал жинда данде щукру гьабулеблъунги буго.**

Инсанас кигIан гIемераб ва лъикIаб гIамал гьабуниги гьев мустахIикълъуларо гьединал берцинал ва гIажаибал алжаназул нигIматазе. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьел нигIматал кьола жив цо гьавун жиндие гIибадат гьабурал муъминзабазе чIорого кьолел сайгъаталлъун.

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ ٱلْقُرْءَانَ تَنزِيلًا ﴿٢٣﴾

**23. ХIакълъунго Дун вуго МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, дуда гьаб Къуръан рещтIине гьабурав жиб бикь-бикьун,** кинабго цадахъ гьеч1ого, бак1 бихьун заман бихьун г1ила бихьун рещт1изабуна. **Жинда жаниб кинабго жо баян гьабун.** Гьаб Къуръан жиб хIакъаб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам буго ва гьаб Къуръаналда жаниб бицараб жоги хIакъаб, мухIканаб хIукму буго.

فَٱصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ وَلَا تُطِعْ مِنْهُمْ ءَاثِمًا أَوْ كَفُورًا ﴿٢٤﴾

**24. Дуца сабру гьабе МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ**, Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **гьабураб хIукму къадаралда.**

Дуе Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ къотIи гьабун буго капурзабазда данде рагъ гьабизе квербакъи гьабила абун ва гьеб къотIи Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ тIубазеги буго. **Мун мутIигIлъуге ва нахъвилъунге жидеца мунагьал гьарулел ва жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккурал гIадамазда.** Дур хIакъаб диналдаса ва гьелда уммат ахIиялдаса мун нахъе чIвалел капурзабазул рагIаби дуца къабул гьаруге.

وَٱذْكُرِ ٱسْمَ رَبِّكَ بُكْرَةً وَأَصِيلًا ﴿٢٥﴾

**25. Дуца дур БетIергьан Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **гIемер рехсе щибаб гIужалъ радалги къассиги.**

**Гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **какал рае ва цогидаб гIибадат гьабе.**

وَمِنَ ٱلَّيْلِ فَٱسْجُدْ لَهُۥ وَسَبِّحْهُ لَيْلًا طَوِيلًا ﴿٢٦﴾

**26. Сардилъ тIаде вахъун Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **какал рае ва халатаб сордоялъ гьев Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **тасбихI-суждаби гьарун гIибадатги гьабе.**

Гьеб гIибадат гьабиялдалъун мун тушбабазде данде чIезе кIолев, гьезул рахъалъан дуде щолеб къварилъи хIехьезе кIолев лъугьуна ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуда тIад къараб рисалат тIубазе дуе квер бакъиги букIуна.

إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ يُحِبُّونَ ٱلْعَاجِلَةَ وَيَذَرُونَ وَرَآءَهُمْ يَوْمًا ثَقِيلًا ﴿٢٧﴾

**27. ХIакълъунго гьал капурзаби руго жидее жиб хехго тIаса унеб дунялалъул чIаголъи бокьун ва жидеца мугъалде нахъе реххун тун буго жиндир гIакъуба-**

**къварилъи бакIаб къиямасеб къо.**

نَّحْنُ خَلَقْنَٰهُمْ وَشَدَدْنَآ أَسْرَهُمْ ۖ وَإِذَا شِئْنَا بَدَّلْنَآ أَمْثَٰلَهُمْ تَبْدِيلًا ﴿٢٨﴾

**28. Дица рижана гьал гIадамал щибго жо гьечIеб бакIалдаса ва Дица гьезул лугби цоцаде щула гьаруна щукIдуздалъун ва гьел къуваталлъунги гьаруна. Дие бокьараб мехалъ Дида кIола гьал гIадамалги гьалаг гьарун гьазул бакIалда цоги къавм бижизе.**

Гьеб къавм Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъулеб ва гьесие гIибадат гьабулеб букIине бегьула.

إِنَّ هَٰذِهِۦ تَذْكِرَةٌ ۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ﴿٢٩﴾

**29. ХIакълъунго гьаб хирияб Къуръан буго жидер гIакълу бугел, жидеда бицараб жо бичIунел гIадамазе вагIзалъун бугеб. Жиндие бокьарав чияс гьаб Къуръаналъул вагIза босула ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ лъаялде унеб нухалъ гьев хьвадула.**

وَمَا تَشَآءُونَ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٣٠﴾

**30. Нужее щибго жо бокьуларо ва нужее бокьараб жоги лъугьунаро гьелда цадахъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ хIукму-къадар букIун гурони.**

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ ритIухъав ва гIадилав.** Гьаб аяталъе тафсир гьабун ибну ХатIибица абуна: « Гьел гIадамазе щибниги жо гьабизе бокьуларо, гьеб иш гьез гьаби Аллагьасеги جَلَّ جَلَالُهُ бокьун букIун гурони»-абун. Нуж цо лъикIаб гIамал гьабизе бокьун гьелъул сабабал цIехолел ругеб мехалъ Аллагьас нужее гьел сабабал рекъезе гьарула ва нужее квербакъи гьабула.

Масала цо инсан хIакъаб жо рагIиялдаса гIундулги руччун, хIакъаб жо бихьиялдаса бералги къанщун, гьеб бичIчIиналдаса ракIалда тIад тIалъелги лъун хьвадараб мехалъ, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гьев инсан иманалда тIовитIи бокьуларо: Гьев иманалда тIовитIулел аяталги, мугIжизаталги, гIаламаталги гьес къабул гьарулел гьечIелъул. Гьев инсан алжаналда лъугьине гьавиги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьуларо: Гьев чияс жиндир купро ва гIасилъи загьир гьабун бугелъул, гьес пасалъи, зулмуги гьабун бугелъул, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ лагъзадерие къварилъи гьабун бугелъул, чияр боцIи-мал хIарамаб нухалда кванан бугелъул»-абун.

يُدْخِلُ مَن يَشَآءُ فِى رَحْمَتِهِۦ ۚ وَٱلظَّٰلِمِينَ أَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًۢا ﴿٣١﴾

**31. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бокьарав чи жиндир рахIматалъулъ лъугьине гьавула.**

Иман исламалда тIовитIун Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулеб гIамал гьабизе гьесие

тавпикъ гьабула. **Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун купру-ширклдалъун жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамазе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIадурун буго жинца цIакъ унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб.**

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун суратул Инсаналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 77. Суратул Мурсала́т

سُورَةُ المُرْسَلَاتِ

*Гьаб хирияб сурат жиб маккаялда рещтIине гьабураб бугелъул гьалда жаниб бугеб масъалаги Аллагь ﷻ цо гьавиялъул, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал баян гьариялъул, ахираталъул ахIкамал ва цогидал гъаибал (жал балъгоял) умурал рициялда хурхараб буго.*

*Аллагьасдаса ﷻ хIинкъарал муъминзабазе ва жидеца Аллагьасдехун купру-ширк гьабурал гIадамазе ахираталда Аллагьас ﷻ хIадурун бугеб руссунеб бакIалъул бицунеб буго.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Жал тIатIалаго пулел гьуралхIаги абун гьедулев вуго ТIадег1анав Аллагь.** وَٱلۡمُرۡسَلَٰتِ عُرۡفٗا ١
Цоялда хадуб цоги пун жинца гIадамал гьалаг гьаризе, гьезие гIазаб гьабизе ритIулел гьурал руго гьел. Цо г1алимзабаца абуна: «гьел малаикзаби руго, Аллагьас ﷻ жиндир вах1ю босун рит1унел абун.

**2. Жал цIакъ пулел, жидеца гъутIби кьолболъан рахъулел, минаби риххизе гьарулел гьуралхIаги абунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагь.** فَٱلۡعَٰصِفَٰتِ عَصۡفٗا ٢

**3. Жидеца накIкIал цере къотIун рачун гьел тIиритIизе гьарулел ва Аллагьасе ﷻ бокьараб бакIалда рахIматалъул цIад баялда гьел накIкIал тIоритIулел малаикзабаздалъунги гьедулев вуго Аллагь ﷻ.** وَٱلنَّٰشِرَٰتِ نَشۡرٗا ٣
Гьаб бак1алдаги гьуриялдалъун гьедана Аллагь ﷻ абуна цо г1алимзабаца.

**4. Жидеца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе, хIалалабги хIарамабги жо батIа гьабизе Аллагьасул ﷻ вах1юги босун рач1улел малаикзабаздалъунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагь.** فَٱلۡفَٰرِقَٰتِ فَرۡقٗا ٤

**5. Аллагьасул ﷻ вахIю босун рачIун гьеб аварагзабахъе عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ кьолел малаикзабаздалъунги гьедулев вуго Аллагь ﷻ.** فَٱلۡمُلۡقِيَٰتِ ذِكۡرًا ٥

**6. Гьел лагъзадерие щибго хIужа-гIилла хутIичIого букIине ритIула гьезухъе аварагзаби عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ хIакъаб дин босун.** عُذۡرًا أَوۡ نُذۡرًا ٦

**Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабичIони Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазаб рещтIиналдалъун хIинкъи кьезеги ритIула.**

**7. Гьал гьаял гьедун тIадегIанав Аллагьас лъазе гьабулеб буго нужее жиб кьотIи гьабураб ахираталъул амру жиб букIине букIин хIакъаб жо буго абун.** إِنَّمَا تُوعَدُونَ لَوَٰقِعٌ ٧
Кинабго халкъ тIаде бахъине гьабун гьезул гIамалазул хIисаб-мизан гьабизе буго ва щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**8. Зобалазда ругел цIвабиги нахъе ине гьарураб мехалъ жидер нур гьечIеллъун жал рихьулареллъун лъугьун.** فَإِذَا ٱلنُّجُومُ طُمِسَتۡ ٨

**9. Зобалги рикь-рикьизе гьарураб мехалъ. Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гIазабалдаса хIинкъун гьел рихъун, хъвалхьун араб мехалъ.** وَإِذَا ٱلسَّمَآءُ فُرِجَتۡ ٩

**10. МугIрулги хIургIадин гьарун гьарщун гIодоре араб мехалъ,** وَإِذَا ٱلۡجِبَالُ نُسِفَتۡ ١٠

**11. Умматалъухье дин босун ритIун рукIарал аварагзабиги عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ жидер умматалье нугIлъи гьабизе тIаде рахъине гьарураб мехалъ,** وَإِذَا ٱلرُّسُلُ أُقِّتَتۡ ١١

**12. Щиб заман щвезегIан гьал кIудиял ва жидер хIинкъи цIикIарал ишал нахъе рахъун тун ругел?** لِأَيِّ يَوۡمٍ أُجِّلَتۡ ١٢

**13. Гьел нахъе рахъун руго жиндилъ гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабулеб Кьиямасеб кьо щвезег1ан.** لِيَوۡمِ ٱلۡفَصۡلِ ١٣
Гьал кIудиял умурал (8-10 аятазда жанир рицарал) Кьиямасеб кьо чIараб мехалъ жал загьирлъулел руго.

**14. Дуда лъаларо, я гьав инсан, щиб жо бугеб гьеб жиндилъ хIукму гьабулеб Кьиямасеб кьо!** وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا يَوۡمُ ٱلۡفَصۡلِ ١٤

**15. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго гьеб кьоялъ жидеца ахират гьереси гьабун хьвадарал капурзабазе.** وَيۡلٌ يَوۡمَئِذٍ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ١٥

**16. Дица цересел капурал къавмалги гьалаг гьаруна гурищ!** أَلَمۡ نُهۡلِكِ ٱلۡأَوَّلِينَ ١٦

**17. Дица гьезда нахърегIизе гьарила гьал Маккаялъул мушрикалги.** ثُمَّ نُتۡبِعُهُمُ ٱلۡأٓخِرِينَ ١٧

**18. Гьединаб гIазаб гьабула дица кинабниги куфру-ширкалъул агьлуялье.** كَذَٰلِكَ نَفۡعَلُ بِٱلۡمُجۡرِمِينَ ١٨

وَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ١٩
**19. ЦӀакъ квешаб гӀазаб букӀине бугоха гьеб гӀазаб гьабулеб къоялъ жидеца Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **ахиратги гьереси гьабулел рукӀарал гӀадамазе.**

أَلَمۡ نَخۡلُقكُّم مِّن مَّآءٖ مَّهِينٖ ٢٠
**20. Дица нуж киналго рижинчӀищ загӀипаб, хӀакъираб манидал къатӀраялдаса?**

فَجَعَلۡنَٰهُ فِي قَرَارٖ مَّكِينٍ ٢١
**21. Цинги Дица гьеб манидал къатӀра жаниб лъуна жиб цӀунулеб, жиб бижине рес рекъолеб рахӀмоялда жаниб.**

إِلَىٰ قَدَرٖ مَّعۡلُومٖ ٢٢
**22. Жиндие бихьизе гьабураб, жиб лъалеб ва жиб къадар гьабураб заманалде щвезегӀан букӀуна гьеб маниялдаса лъугьараб лъимер эбелалъул рахӀмоялда жаниб.**

فَقَدَرۡنَا فَنِعۡمَ ٱلۡقَٰدِرُونَ ٢٣
**23. Дун вуго гьеб лъимер бижине ва гьеб хьихьизе хӀалкӀварав. Жидер хӀал кӀолезул бищунго лъикӀавги вуго дун.** Гьадин щибго гьечӀеб бакӀалдаса инсан вижарав Дида, гьев хун хадув чӀаго гьавизеги кӀола.

وَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ٢٤
**24. ЦӀакъ квешаб гӀазаб ва къварилъи букӀине бугоха ахираталда жидеца Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **хӀалкӀолъи ва ахират гьереси гьабулел гӀадамазе.**
Жинда Аллагь разилъаяв имам АхӀмадица бицараб хӀадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо къоялъ жиндир хъатиниб хӀацӀу туна, цинги гьеб хӀацӀуялда жиндир килищги цун гьес абуна: *«ТӀадегӀанав Аллагьас абулебб буго: «Я Адамил лъимер! Мун киве ворчӀилев дунги гӀажиз гьавун? Дица мун вижана гурищ гьаб хӀацӀу гӀадаб жоялдаса? Цинги дица мун хьихьун кӀудияв гӀезе гьавураб мехалъ мун чӀухӀараб ретӀелги тӀад ретӀун ракьалда тӀад хьвадулев вуго гьеб ракьалда тӀад дур хӀатӀил асар лъалеб хӀалалъ (чӀухӀун, хӀетӀе гӀодоб тункун). Дуца гӀемераб магӀишат данде гьабулеб буго, мискин-пакъирасе закат-садакъаги кьолеб гьечӀо. Дур рухӀ щокъробе бахараб мехалъ дуца абизе буго дица садакъа кьезе буго абун. Гьеб гьечӀоха садакъа кьолеб гӀуж»* - абун.

أَلَمۡ نَجۡعَلِ ٱلۡأَرۡضَ كِفَاتًا ٢٥
**25. Гьаб ракь Дица нужее гьабун буго гурищ жинца нуж данде ракӀарулеблъун.**

أَحۡيَآءٗ وَأَمۡوَٰتٗا ٢٦
**26. ЧӀагоял жинда тӀад данде гьарулеб, хварал жиндир чехьалда жанир данде гьарулеблъун.**

وَجَعَلۡنَا فِيهَا رَوَٰسِيَ شَٰمِخَٰتٖ وَأَسۡقَيۡنَٰكُم مَّآءٗ فُرَاتٗا ٢٧
**27. Дица гьаб ракьалда тӀад нужее мунпагӀаталъе рорхатал мугӀрулги гьаруна. Дица нужеда цӀакъ гьуинаб,**

**жиб гьекъезе бигьаяб, нужер кинабго чIаголъи жинда бараблъун бугеб лъимги гьекъезе гьабуна гурищ?**

**28. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине бугоха жидеца Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **нигIматазда инкар колел,** وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٢٨﴾
**гьел гьереси гьарулел гIадамазе жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабулеб Къиямасеб къоялъ.**

ТIадегIанав Аллагьас «жинца рорхатал мугIрулги гьаруна» абиялда жаниб гьел мугIруздаса кIудиял мунпагIатал рукIиналда ишара буго. Гьел мугIрузде тIаде накIкIал ракIарун гIазу-цIад бараб мехалъ гьеб лъим жидеда жаниб цIунун, гьеб иццаллъун, лъараллъун чвахун, хур-хер бижине, хIайваназе гьекъезе нахъе цIунараб хазинаялда релълъун букIуна. МугIрузда тIад рохьал рижинги, гьенир гIемерал батIиял хIайванал рукIинги, гьел мугIрул ракьалда тIад гьава-бакъ рекъон букIиналъе сабаблъун бук1инги инсанасда жиб лъалеб гIелму буго.

Къиямасеб къоялъ Аллагьасдаги جَلَّجَلَالُهُ, ахираталдаги жидеца инкар ккун букIараб куфру-ширкалъул агьлуялда абула:

**29. Гьанже нуж а гьеб нужеца гьереси гьабулеб букIараб жужахIалъул гIазаб чIамизе.** ٱنطَلِقُوٓاْ إِلَىٰ مَا كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ﴿٢٩﴾

**30. Нуж а жидее лъабго гIаркьел бугеб жужахIалъул цIадул ва кIкIуялъул рагIадалде.** ٱنطَلِقُوٓاْ إِلَىٰ ظِلٍّ ذِى ثَلَٰثِ شُعَبٍ ﴿٣٠﴾

**31. Гьелъ нужее щибго рагIад гьабуларо ва жужахIалъул цIадул лагь-лагьиялдаса нужги цIунуларо.** لَّا ظَلِيلٍ وَلَا يُغْنِى مِنَ ٱللَّهَبِ ﴿٣١﴾

Бихьизе рагIад буго абун кканиги жиндилъ гIазаб бугеб рагIад буго гьеб.

**32. ХIакълъунго гьеб жужахIалдаса къватIире рехун цIадул хIенхIал рачIуна кIудиял кIалг1аби гIадал.** إِنَّهَا تَرْمِى بِشَرَرٍ كَٱلْقَصْرِ ﴿٣٢﴾

**33. Гьел цIадул хIенхIал тIогьиллъи жубарал ч1ег1ерал варанабазда релълъун рукIуна жидер хехго иналъулъ.** كَأَنَّهُۥ جِمَٰلَتٌ صُفْرٌ ﴿٣٣﴾ Гьаб кIиго аяталъул магIна буго: гьеб жужахIалъул боркьин бергьараб мехалъ гьенисан къватIире рачIун цIакъ к1удиял цIадул хIенхIал ва сунтрал рахъ-рахъалде роржун уна хехал варанаби рекерун унел гIадин.

**34. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIине буго жидеца гьеб ахират гьереси гьабун рукIарал** وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٣٤﴾

**инкарчагIазе.**

**35. Гьеб къоялъ щивго чиясда кIалъазе кIоларо.** هَٰذَا يَوْمُ لَا يَنطِقُونَ ﴿٣٥﴾

**36. Гьел гIадамазе гIузру бачун кIалъазе изнуги кьоларо.** وَلَا يُؤْذَنُ لَهُمْ فَيَعْتَذِرُونَ ﴿٣٦﴾

Гьеб къо гIузру бицунеб къо гьечIелъул. Гьеб буго жиндилъ жазаъ гьабулеб къо.

**37. ЦIакъ квешаб жазаъ букIинаха гьеб къоялъ жинца гьеб ахират ва хIисаб-мизан, жазаъ гьабиги гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.** وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٣٧﴾

**38. Гьаб буго халкъалда гьоркьоб хIукму гьабун Муъминзабиги капурзабиги цоцаздаса ратIа гьарулеб къо. Гьанир Дица нуж киналго ва цересел умматалги данде гьарун руго.** هَٰذَا يَوْمُ الْفَصْلِ جَمَعْنَاكُمْ وَالْأَوَّلِينَ ﴿٣٨﴾

**39. Нужер гьунар батани хIилла-макру гьабун гьеб гIазабалдаса нуж хвасарлъизе, нужеца гьеб макру гьабе ва Дир гIазабалдаса рорчIа!** فَإِن كَانَ لَكُمْ كَيْدٌ فَكِيدُونِ ﴿٣٩﴾

ГьечIо гьезул кинабгIаги хIилла Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ г1азабалдаса рорчIизе.

**40. ЦIакъ квешаб гIазаб букIинаха гьеб къоялъ Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ, ахиратги жидеца гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.** وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٤٠﴾

**41. ХIакълъунго Аллагьасдаса хIинкъун жидеца тIагIат-гIибадат гьабулел рукIарал муъминзаби алжаназул ахазул рагIдукь ва гьуинал иццазулъ руго.** إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي ظِلَالٍ وَعُيُونٍ ﴿٤١﴾

**42. Жидер хьул лъурал батIи-батIиял пихъазулъги руго.** وَفَوَاكِهَ مِمَّا يَشْتَهُونَ ﴿٤٢﴾

Гьел муъминзабаздехун абула:

**43. Нужеца гьал нигIматал кванае ва гьал гьекъолел жалги гьекъе: нужее жал хIалалалъун ва лазаталлъун ругеб хIалалъ. Гьеб буго нужеца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалде данде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нужее кьурал сайгъатал.** كُلُوا وَاشْرَبُوا هَنِيئًا بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٤٣﴾

**44. ХIакълъунго Дица гьединаб лъикIаб жазаъ гьабула жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзабазе.** إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿٤٤﴾

**45. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIинаха жидеца ахират ва алжан-жужахI гьереси гьабулел** وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٤٥﴾

**рукIарал гIадамазе.**

كُلُوا۟ وَتَمَتَّعُوا۟ قَلِيلًا إِنَّكُم مُّجْرِمُونَ ﴿٤٦﴾

**46. Нуж гьаб дунялалда дагьабго заманаялъ кванан-гьекъон дунялалъул кеп босулеллъун рукIа.**
**ХIакълъунго нуж руго Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасиял, гьесда инкар ккураб халкъ.**

وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٤٧﴾

**47. ЦIакъ квешаб гIазаб буIине буго ахираталда жидеца гьеб ахират гьереси гьабун дунялалъул чIаголъи гьабулеллъун рукIарал гIадамазе.**

وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ ٱرْكَعُوا۟ لَا يَرْكَعُونَ ﴿٤٨﴾

**48. Гьел гIадамал руго «нужеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ рукугI-сужда гьабун как бай»-абураб мехалъ жидеца Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ как баларел.**

وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ﴿٤٩﴾

**49. ЦIакъ квешаб гIазаб букIинаха Къиямасеб къоялъ жидеца Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ – авараг ва ахират гьереси гьабурал гIадамазе!**

فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُۥ يُؤْمِنُونَ ﴿٥٠﴾

**50. Гьеб хирияб Къуръаналда жидеца иман лъечIеб мехалъ, гьелъул вагIзаги босичIеб мехалъ, цоги щиб жоха бугеб гьел мушриказ жинда иман лъезе бугеб?**

Щибго жоялда иман лъоларо гьез, жидее жужахIалъул гIазаб хIакълъулеб къавм буго гьеб.

Гьаб 48 абилеб аят рещтIине гьабуна. «Сакъил» абулеб бакIалъул гIарабиязул хIакъалъулъ. Аллагьасул свалат салм лъеяв аварагас гьел исламияб диналде ахIараб мехалъ гьез абуна: «Нижедаса как бай тIаса рехе! Гьеб гIодоре къулун, сужда гьабун гьабулеб как бай гьабизе нижеда кIоларо, гьеб нижеда рогьоб балеб жолъун букIине буго» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Жиндилъ как бай гьечIеб дин гьечIо» - абун ва жинца гьезул ислам къабул гьабичIо.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Суратул Мурсалаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 78. Сурату Ннабаъ

سُورَةُ النَّبَإِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1. **Гьал мушрикаца цоцазда гьикъулеб ва гьез жиб лъазе тIалаб гьабулеб жо щиб бугеб?** عَمَّ يَتَسَآءَلُونَ ۝١

2. **Гьез гьикъулеб буго жиндир хIинкъи кутакаб Къиямасеб къоялъул хабаралдаса.** عَنِ ٱلنَّبَإِ ٱلْعَظِيمِ ۝٢

3. **Гьеб къоялъул амруялъулъ жал цоцаде хилиплъунги ругеб.** Гьезул цоял тIубанго ахират букIиналда жал божуларел руго, цогидал жал щакдарулел ругел руго. Гьезул цоцаде гьикъардиги Къиямасеб къоялда божуларого, гьелъул хабар бицунеб Къуръанги, жинца гьеб цIалулев аварагги ﷺ махсароде гьавулеб гьикъарди букIана. Гьезул хабар нахъе чIван, гьезие хIинкъи кьун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: ٱلَّذِى هُمْ فِيهِ مُخْتَلِفُونَ ۝٣

4. **Нуж руцIцIун чIа, я гьал мушрикал! Нужеца абухъе ва нужеда ракIалде кковухъе гьечIо амру. Жидеда нахъа цIакъ лъазе буго щиб жо бугеб гьеб Къиямасеб къо!** كَلَّا سَيَعْلَمُونَ ۝٤

5. **Цингиги гьезда цIакъ лъазе буго кинаб гIазаб ва къварилъи жидеде гьеб къоялъ щолебалиги!** ثُمَّ كَلَّا سَيَعْلَمُونَ ۝٥

6. **Дица нужее гьаб ракь гьабун гьечIищ лъимералъе кини гIадин. Нуж жинда тIад хьвадулеб ва нужее бокьараб хIалалъ гьеб ракьалдаса мунпагIат босулеб.** أَلَمْ نَجْعَلِ ٱلْأَرْضَ مِهَٰدًا ۝٦

7. **Ракьалда тIад кутакал магIал гIадин мугIрулги гьарун гьечIищ дица?** Гьеб ракьги нужги цо хIалалда рукIине. Ракьалда жанир ругел магIданал рагъарараб мехалъ ракьги багъаричIого букIине. وَٱلْجِبَالَ أَوْتَادًا ۝٧

8. **Дица нужги рижун руго кIиго тайпаялда.** Бихьиналги руччабиги. Нужеца ригьин гьабизе, хъизан гIуцIизе ва нужер наслоги ракьалда тIад тIибитIизе. وَخَلَقْنَٰكُمْ أَزْوَٰجًا ۝٨

9. **Нужер макьуги гьабун буго Нужее рахIатлъун ва хIалхьилъун бук1ине.** وَجَعَلْنَا نَوْمَكُمْ سُبَاتًا ۝٩

10. **Нуж рахчулеб ретIел гIадин нужее сордоги гьабун буго.** وَجَعَلْنَا ٱلَّيْلَ لِبَاسًا ۝١٠

Нуж сардилъ чIун рукIине ва нужер хъизан-лъималгун хIухь бахъиялда, рекIел гъеялда рукIине.

**11. Нужее ризкъи тIалаб гьабун, магIишат яшав тIалаб гьабун, нуж хьвадулеблъун къоги гьабуна Дица.** وَجَعَلۡنَا ٱلنَّهَارَ مَعَاشٗا ١١

**12. Дица нужеда тIад щулияб анкьго зобги гьабуна.** وَبَنَيۡنَا فَوۡقَكُمۡ سَبۡعٗا شِدَادٗا ١٢

Заман гIемер бана абун жидее щибго жагъаллъи гьечIел, жидер рижи мухIканаб, жидеда жанир гIажаибал махлукъалги ругел.

**13. Гьел зобалазда жиб цIакъ бакараб чирахъги гьабуна.** وَجَعَلۡنَا سِرَاجٗا وَهَّاجٗا ١٣

Кинабго ракьалъе жиндир канлъиги, хинлъиги щолеб бакъ гьабуна.

**14. Лъел цIурал накIкIаздаса Дица цIакъ чвахун балеб цIадги базе гьабуна.** وَأَنزَلۡنَا مِنَ ٱلۡمُعۡصِرَٰتِ مَآءٗ ثَجَّاجٗا ١٤

**15. Гьеб цIадалдалъун Дица ракьалдаса къватIибе бачIине гьабизе боцIуе кваназе херги, гIадамазе кваназе тIощелги.** لِّنُخۡرِجَ بِهِۦ حَبّٗا وَنَبَاتٗا ١٥

**16. Керчал, бечедал ахалги рижине гьаризе.** وَجَنَّٰتٍ أَلۡفَافًا ١٦

Жидер гъутIби чIахIиял, пихъ гIемерал.

Гьал кIудиял гIаламатал рицун тIадегIанав Аллагьас инсан кантIизе гьавулев вуго гьаб махлукъ бижине кIварав, Гьелъул жинца тадбир гьабулев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ, хун хадур жинца гIадамал чIаго гьарун тIаде рахъине гьаризеги кIолев вукIиналда.

**17. ХIакълъунго жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе халкъ тIаде бахъине гьабулеб къо жиндие заман цIараб, жиб букIин хIакъаб буго.** إِنَّ يَوۡمَ ٱلۡفَصۡلِ كَانَ مِيقَٰتٗا ١٧

**18. Гьеб къо буго халкъ тIаде бахъине гьабизе Исрапил малаикас ссуралъуб пулеб. Цинги нуж киналго тIаде рахъун, къукъаби гьарун махIшаралде рачIунеб.** يَوۡمَ يُنفَخُ فِي ٱلصُّورِ فَتَأۡتُونَ أَفۡوَاجٗا ١٨

**19. Гьеб къоялъ зобалги рагьула гьелги кавабазда релъун рукIуна.** وَفُتِحَتِ ٱلسَّمَآءُ فَكَانَتۡ أَبۡوَٰبٗا ١٩

Къиямасеб къоялъул амру цIакъ кIудияб букIиналъул гIаламат буго гьеб.

**20. Жидер бакIаздаса рахъун мугIрулги нахъе ине гьарула. Гьел щибго жо гьечIеллъун лъугьун: хIурлъун, гьавалъун лъугьуна.** وَسُيِّرَتِ ٱلۡجِبَالُ فَكَانَتۡ سَرَابًا ٢٠

Валагьарав чиясда мегIер бугеб гIадин бихьулеб, амма гьениб мегIер

букIунареб хIал лъугьуна. Гьелда сараб (мираж) абула.

**21. ХIакълъунго жагьаннама буго жинца** إِنَّ جَهَنَّمَ كَانَتْ مِرْصَادًا ﴿٢١﴾
**хъаравуллъи ккун бугеб.**

Тушманасе хъаравуллъи ккун, гъоркьчIел гьабун вукIунев чиясда релъун буго гьеб жужахI, капурзабазе гIазаб гьабизе хIадурун.

**22. Жидеца купру-ширк гьабулел чагIи жанире** لِّلطَّٰغِينَ مَـَٔابًا ﴿٢٢﴾
**руссунеб бакIги буго гьеб жагьаннама.**

**23. Жиндие ахир гьечIеб халатаб, гIемераб** لَّٰبِثِينَ فِيهَآ أَحْقَابًا ﴿٢٣﴾
**заманалъ рукIуна гьел жужахIалда жанир.**

**24. Жидее гьениб гьогьенги букIунаро,** لَّا يَذُوقُونَ فِيهَا بَرْدًا وَلَا شَرَابًا ﴿٢٤﴾
**гьекъезе лъимги букIунаро.**

**25. Гьезие букIунеб жо буго гьалдолеб, махIцараб** إِلَّا حَمِيمًا وَغَسَّاقًا ﴿٢٥﴾
**хIамимги, жужахIалъул агьлуялдаса бецIцIун**
**бачIунеб квешаб хьверд-рецIги.**

**26. Жидер куфру-ширкалда рекъараб жазаъ буго** جَزَآءً وِفَاقًا ﴿٢٦﴾
**Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гьабулеб.**

Жал рижарав жидер бетIергьан Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккун хьвадулел рукIана гьел.

**27. ХIакълъунго гьел гIадамал рукIана** إِنَّهُمْ كَانُواْ لَا يَرْجُونَ حِسَابًا ﴿٢٧﴾
**жидее хIисаб-мизан ва жазаъ букIине гьечIо**
**абун рукIарал.**

**28. Жидеца Дир хIалкIолъиялда тIоритIел** وَكَذَّبُواْ بِـَٔايَٰتِنَا كِذَّابًا ﴿٢٨﴾
**гьабулел гIаламаталги,**
**Дир Къуръаналъул аяталги цIакъ гьересиги гьарулел рукIана**

**29. Дица кинабго жо малаикзаби хъвазе ричча**н وَكُلَّ شَيْءٍ أَحْصَيْنَٰهُ كِتَٰبًا ﴿٢٩﴾
**хъван нахъе цIунун буго.**

Щивав инсанас гьабураб гIамал дида лъалеб буго ва гьеб гIамал щивав чиясда бихьизабизе буго.

30. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар فَذُوقُواْ فَلَن نَّزِيدَكُمْ إِلَّا عَذَابًا ﴿٣٠﴾
ккун, ахират гьереси гьабун хьвадарал
гIадамазде абизе буго:

**«Нужеца гьаб гIазаб чIаме! Нужее гьалдаги тIад гIазаб цIикIине гьабун гурони щибго бигьалъи букIине гьечIо» - абун.**

**31. ХIакълъунго Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъун,** إِنَّ لِلْمُتَّقِينَ مَفَازًا ﴿٣١﴾
**расуласда нахърилълъун хьвадарал муъминзабазул**
**ахираталда цIакъ кIудиял лъикIлъабазда кверщел батизе буго.**

**32. Пихъил ва цIолбол цIурал бечедал ахал руго гьезие.** حَدَآئِقَ وَأَعۡنَٰبٗا ٣٢

**33. Жидеда гIел бащадал, гьанжего гьанже керен баккун гьеб къвакIун бугел руччабиги руго гьезие.** وَكَوَاعِبَ أَتۡرَابٗا ٣٣

**34. Жиб лазатаб ва бацIадаб хамродал цIурал лълъаралги руго.** وَكَأۡسٗا دِهَاقٗا ٣٤

Дунялалъул хамроялда релъараб кьогIаб ва жинца бетIер сверизе гьабулеб гьечIеб.

**35. Жидеда гьеб алжаналда жаниб щибго гIададисеб яги гьересияб хабарги рагIунаро.** لَّا يَسۡمَعُونَ فِيهَا لَغۡوٗا وَلَا كِذَّٰبٗا ٣٥

**36. Дур БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб жазаъ буго гьеб жив разиял муъминзабазе ва цIакъ берцинаб нигIматал кьейги буго.** جَزَآءٗ مِّن رَّبِّكَ عَطَآءً حِسَابٗا ٣٦

Жидее нахъасан къотIи гьечIел гьел нигIматал ва жидее гьел кьуна абун бадибчIвай, ничги гьечIел.

**37. Зобалазулги ракьалъулги ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъалъулги БетIергьанав Аллагьасул нигIматал руго гьел.** رَّبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا بَيۡنَهُمَا ٱلرَّحۡمَٰنِۖ لَا يَمۡلِكُونَ مِنۡهُ خِطَابٗا ٣٧

**Жив цIакъ гурхIулев, жиндир рахIмат цIакъ гIемерав. Гьеб Къиямасеб къоялъ Аллагьасдехун кIалъазе кIолев щивго чи вукIунаро.**

**38. Гьеб къо буго Жабраил малаикги ва цогидал киналго малаикзабиги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъун, гьесие тахIият гьабун мухъалда чIун рукIунеб.** يَوۡمَ يَقُومُ ٱلرُّوحُ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةُ صَفّٗاۖ لَّا يَتَكَلَّمُونَ إِلَّا مَنۡ أَذِنَ لَهُ ٱلرَّحۡمَٰنُ وَقَالَ صَوَابٗا ٣٨

**Жиндие гурх1ел рах1мат г1ат1идав тIадегIанав Аллагьас изну кьурав чи гурони гьеб къоялъ кIалъаларо. Гьев кIалъалев чиги хIакъаб рагIи абун, муъминзабазул гIасиязе шапагIат гьабун кIалъала.**

**39. Гьаб буго жиб букIине букIин хIакъаб Къиямасеб къо! Жиндие лъикIаб ахират бокьарав чияс Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ вуссунеб ва унеб нух кколе!** ذَٰلِكَ ٱلۡيَوۡمُ ٱلۡحَقُّۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ مَـَٔابًا ٣٩

**40. ХIакълъунго Дица нужее хIинкъи кьолеб буго жиб гIагардаго бугеб гIазабалдалъун.** Жиб бачIин хIакъаб Къиямасеб къо цIакъ гIагарда бугеб букIуна. إِنَّآ أَنذَرۡنَٰكُمۡ عَذَابٗا قَرِيبٗا يَوۡمَ يَنظُرُ ٱلۡمَرۡءُ مَا قَدَّمَتۡ يَدَاهُ وَيَقُولُ ٱلۡكَافِرُ يَٰلَيۡتَنِي كُنتُ تُرَٰبَۢا ٤٠

**Гьеб къо буго щивав инсан валагьулеб жинца дуниялалда гьабураб гIамалалде.** Гьеб гIамал хъварал кагътал гьезда цере лъун щивав чиясда гьезда тIад бугеб жидеца дуниялалда гьабун букIараб ва жидеда гьеб кIочон букIараб лъикIабниги квешабниги гIамал бихьула.

**Гьеб къоялъ капурчиясги абула: «Вай Аман Аллагь, дун тIадего вахъине гьавун вукIинчIевани, дун ракьульго хутIун вукIаравани!» - абун.** ХIисаб-мизан гьабичIого букIине ва жужахIалъул гIазабги бихьичIого букIине. ТIадегIанав Аллагьас цоцаздаса къисас босизе тIаде рахъине гьарун киналго хIайванал цIидасан ракьалде руссине гьарула. Гьеб амру жидеда бихьарал капурзабазулги хьул лъола жалги ракьлъун гьарулел анищ абун.

Гьаб сураталъул (38) абилеб аяталда ﴿ٱلرُّوحُ﴾ абураб рагIиялъе магIна гьабун гIалимзабаца анлъго батIияб рагIи абуна. Дица гьениб хъвараб «Жабраил малаик вуго гьев» абураб рагIи жиб машгьураб рагIи буго. Гьеб рухI абураб рагIиялъул мурад Адамил наслу буго абуна цо гIалимзабаца. Гьеб рухI абураб рагIи гIадамалги гуреб, малаикзабиги гуреб цоги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ махлукъ буго абунги абуна.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун Сурату Ннабаалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 79. Сурату НназигIат

سُورَةُ النَّازِعَاتِ

*Гьаб сурат гьалда цебе бугеб Аннабаалдаса хадуб рещтIине гьабураб бугин абула гIалимзабаца.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

وَالنَّازِعَاتِ غَرْقًا ﴿١﴾
**1. Жидеца капурзабазул рухIал гурхIел гьечIого цIан рахъулел малаикзабихIаги абун гьедулев вуго Дун.**

وَالنَّاشِطَاتِ نَشْطًا ﴿٢﴾
**2. Жидеца муъминзабазул рухIал гурхIелалда, тамахго росулел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

Ибну СагIуд абулев гIалимас абуна: «Капурзабазул рухI бахъулел малаикзабаца гьеб рухI бахъула биччараб квасул нухиялдаса квешаб, гIаркьелал гIемераб зазил тIил цIан бахъулеб гIадин захIматго. Муъминзабазул рухI гьел малаикзабаца босула цо рухьеналъ бухьун букIараб варани гьеб рухьен бичун нахъе биччалеб гIадин бигьаго. Гьеб мисал бачиналдаса бичIчIунеб буго муъминчиясул рухI босараб мехалъ гьев дунялалъул чIаголъиялъул ургъел-къварилъабаздаса эркенлъун, рухьен бичун эркенлъуде биччараб варани гIадин ахираталде унеб нухде лъугьуна абураб магIна. Капурчи гьаб дунял тезе бокьуларого, хвалидасан хIинкъун вукIун гьесул рухI чорхолъан батIалъуларого букIун малаикзабаца гьеб рухI гурхIел гьечIого цIан бахъула: «зазил тIил квасул нухиялдасан къватIибе цIалеб гIадин цадахъ квасул кескалги рахъулаго»-абун. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ахираб х1ухьел жив разилъун босараздаса гьареги нилъ.

وَالسَّابِحَاتِ سَبْحًا ﴿٣﴾
**3. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру босун зобалаздасан ракьалде рещтIунел, лъеда тIад лъедон (плавание) унел гIадин, хехго ва эркенго жал хьвадулел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

فَالسَّابِقَاتِ سَبْقًا ﴿٤﴾
**4. Муъминзабазул рухIал росун алжаналде ине цояздаса цоял цере ккезе яхI бахъун гIедегIун унел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

فَالْمُدَبِّرَاتِ أَمْرًا ﴿٥﴾
**5. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амру жидеца халкъалда гьоркьоб хьвадизе гьабулел, гьезул тадбир гьабулел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

Гьаб щуго батIияб малаикзабазул къукъаялъул цIаралдалъун гьедун

тIадегIанав Аллагьас абулеб буго Къиямасеб къо букIин хIакъаб амру бугин ва гьениб щибаб напсалъул хIисаб-мизан гьабун, гьелъул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе бугин абун. Доб гьа гьедиялъе гьеб жаваб букIиналда жинца тIоритIел гьабулеб буго гьалда хадуб бачIунеб тIадегIанав Алагьасул калам:

**6. Гьеб Къиямасеб къо чIола Исрапил малаикас ссуралъубе пун ракь кIобокIизе гьабураб мехалъ.** يَوْمَ تَرْجُفُ ٱلرَّاجِفَةُ ﴿٦﴾

**7. Гьелда хадубги Исрапилас ссуралъубе пун хварал тIаде рахъине гьарун махIшаралде ракIарараб мехалъ.** تَتْبَعُهَا ٱلرَّادِفَةُ ﴿٧﴾

**8. Гьеб къоялъ капурзабазул ракIал хIинкъун тIеркIолел ва карандаса къватIире кIанцIизе хIадурун рукIуна.** قُلُوبٌ يَوْمَئِذٍ وَاجِفَةٌ ﴿٨﴾

**9. Гьезул бералги цIакъ хIинкъун ва Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **хIелун рукIуна.** أَبْصَٰرُهَا خَٰشِعَةٌ ﴿٩﴾

**10. Гьел капурзабаца дунялалда ругеб мехалъ абула:** يَقُولُونَ أَءِنَّا لَمَرْدُودُونَ فِي ٱلْحَافِرَةِ ﴿١٠﴾
**«Ниж хун хадур тIаде рахъине гьарун нахъеги дунялалде руссинейищ гьарулел» - абун.**

**11. «Ниж турарал рукьбилъун рукIун хадургийищ тIаде рахъине гьарулел?» - абун.** أَءِذَا كُنَّا عِظَٰمًا نَّخِرَةً ﴿١١﴾

**12. Жидеца абула: «Цинги гьеб тIаде рахъине гьари букIани ниж цIакъ гIадада хварал гIадамал рукIунаха!» - абун.** قَالُواْ تِلْكَ إِذًا كَرَّةٌ خَاسِرَةٌ ﴿١٢﴾

«Ниж жужахIалъул цIадаре кола. Нижеца ахират гьереси гьабун букIиндал ва ахираталда батулеб щибго гIамалги гьабун букIинчIелъул».

**13. ХIакълъунго гьеб хун хадур тIаде рахъине гьари ТIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго.** فَإِنَّمَا هِيَ زَجْرَةٌ وَٰحِدَةٌ ﴿١٣﴾
**Гьеб гьечIо Исрапил малаикас цохIо нухалъ ссуралъубе пуй гурони.**

**14. Цинги гьеб кинабго халкъ махIшаралде рахъун, жидеде тIаде щиб амрудай бачIина абун хIинкъун ралагьун чIун рукIуна.** فَإِذَا هُم بِٱلسَّاهِرَةِ ﴿١٤﴾

**15. Духъе Муса аварагасул** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **къиса бачIана гурищ МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **?** هَلْ أَتَىٰكَ حَدِيثُ مُوسَىٰٓ ﴿١٥﴾

**16. Гьев Мусада «Т1ува» абулеб, Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **бацIцIад гьабураб кIкIалахъ гьев вугеб мехалъ** إِذْ نَادَىٰهُ رَبُّهُۥ بِٱلْوَادِ ٱلْمُقَدَّسِ طُوًى ﴿١٦﴾

**жиндир БетІергьан Аллагьас ахІана.**
Гьеб буго ТІур Сайналъул байбихьуда бугеб кІкІал.

17. Муса аварагасда عَلَيۡهِ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан абуна: «**Мун а ПиргІавнида ва гьесул къавмалда расуллъун. Гьев ПиргІавн цІакъ къосун, пасикълъун вуго.** ٱذۡهَبۡ إِلَىٰ فِرۡعَوۡنَ إِنَّهُۥ طَغَىٰ ﴿١٧﴾
Жиндир къосиналъулъ гІорхъолъан ворчІун, жив Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго абулеб бакІалде щун вуго гьев.

**18. Дуца гьев пиргІавнида абе: «Дуе бокьун гьечІищ дур мунагьаздаса вацІцІалъизе?** فَقُلۡ هَل لَّكَ إِلَىٰٓ أَن تَزَكَّىٰ ﴿١٨﴾

**19. Дица мун дур БетІергьан Аллагь лъаялде тІовитІизе, цинги мун гьев Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гІазабалдаса хІинкъун гьесие гІибадат гьабулевги лъугьине?» - абун.** Гьев ПиргІавн иман лъеялдаса вуссун чІараб мехалъ, Муса عَلَيۡهِ السَّلَامُ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ Расул вукІиналдаги божичІеб мехалъ. وَأَهۡدِيَكَ إِلَىٰ رَبِّكَ فَتَخۡشَىٰ ﴿١٩﴾

**20. Мусаца гьесда кІудияб мугІжизат бихьизе гьабуна.** فَأَرَىٰهُ ٱلۡأٓيَةَ ٱلۡكُبۡرَىٰ ﴿٢٠﴾
Гьеб букІана гІансаялъул борохь лъугьунеб ва гьелъ сихІручагІазул гІунсбиги рухьбиги къулчІулеб мугІжизат.

**21. Цинги ПиргІавница Муса гьереси гьавуна ва жив Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гІасилъана, гьесул расуласда нахъвилълъинчІо.** فَكَذَّبَ وَعَصَىٰ ﴿٢١﴾

**22. Цинги гьеб майданалдаса жив хехго нахъе ана.** ثُمَّ أَدۡبَرَ يَسۡعَىٰ ﴿٢٢﴾

**23. Жиндирго гІакълучагІи, кумекчагІи данде гьарун гьезде хитІаб гьабун жинца гьаракь борхун ах1ана.** فَحَشَرَ فَنَادَىٰ ﴿٢٣﴾

**24. Гьес абуна: «Дун вуго нужер бищунго тІадегІанав БетІергьан!»-абун.** فَقَالَ أَنَا۠ رَبُّكُمُ ٱلۡأَعۡلَىٰ ﴿٢٤﴾
«Нужеца дие гьабизе ккола лагълъиги. Нужее дун гурев цоги щивго аллагьги гьечІо» - абун.

**25. ТІадегІанав Аллагьас гьев ПиргІавн жиндир гІазабалдалъун ккуна гьес гьанже абураб рагІи сабаблъун ва гьелдаса цебеги абун букІараб рагІи сабаблъунги.** فَأَخَذَهُ ٱللَّهُ نَكَالَ ٱلۡأٓخِرَةِ وَٱلۡأُولَىٰٓ ﴿٢٥﴾
Гьеб рагІи буго ПиргІавница абураб: «Дун гурев нужер цоги аллагь дида лъаларо» - абун. Цоги гІалимзабаз абуна гьев ПиргІавн Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ккуна дунялалъул ва ахираталъул гІазабалдалъун абун.

**26. ХІакълъунго гьаб ПиргІавн гьалаг гьавиялъул къисаялъулъ буго жив Аллагьасул ﷻ гІазабалдаса хІинкъулев чиясе гІибрат ва насихІат.** إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَعِبۡرَةٗ لِّمَن يَخۡشَىٰٓ ٢٦

**27.** ТІадегІанав Аллагьас жив цо вукІиналда ва жиндир хІалкІолъиялда инкар ккурал капурзаби кантІизе гьарун абулеб буго: ءَأَنتُمۡ أَشَدُّ خَلۡقًا أَمِ ٱلسَّمَآءُۚ بَنَىٰهَا ٢٧
**Нужищ ругел Аллагьасе ﷻ рижине захІматал, яги гьал рорхатал, нужеда тІад тІох гІадин ругел зобалищ ругел?» Аллагьас ﷻ рана гьел зобал жидер кинабго рахъ мух1кан гьабун.**

**28. Аллагьас ﷻ гьел цІакъ эхеде рорхун руго ва жидер рижин щулияб, мухІканаб гьабун буго. Гьелда жаниб щибго жагъаллъи-гъалатІлъиги гьечІо.** رَفَعَ سَمۡكَهَا فَسَوَّىٰهَا ٢٨

**29. Аллагьас ﷻ гьел зобалазул сордо цІакъ бецІаб гьабуна ва гьезул къо жиндилъ нур ва гвангъи бугеб гьабуна.** وَأَغۡطَشَ لَيۡلَهَا وَأَخۡرَجَ ضُحَىٰهَا ٢٩

**30. Зобал рижун хадуб Аллагьас ﷻ ракьги тІибитІана жинда тІад инсанас гІумру гьабизе санагІат бугеб хІалалъ.** وَٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ ذَٰلِكَ دَحَىٰهَآ ٣٠

**31. Жинца гьеб ракьалдаса хур-херги, лъиналги раккизе гьаруна гІадамазе ва хІайваназе ризкъилъун.** أَخۡرَجَ مِنۡهَا مَآءَهَا وَمَرۡعَىٰهَا ٣١
Гьезие яшав гьабизе хІажатаб жо гьабуна ракьалда тІад.

**32. Аллагьас ﷻ гьеб ракьалда тІад мугІрулги рахъун чІезе гьаруна кутакал магІал гІадин.** وَٱلۡجِبَالَ أَرۡسَىٰهَا ٣٢

**33. Гьеб кинабго жо Аллагьас ﷻ гьабуна нужеца ва нужер хІайваназ жиндаса мунпагІат босизе.** مَتَٰعٗا لَّكُمۡ وَلِأَنۡعَٰمِكُمۡ ٣٣
Гьаб кинабго махлукъ гьаб камилаб хІалалъ бижарав ва жинца гьелъул тадбир гьабулев Аллагьас ﷻ хун хадур тІаде рахъине гьари жиндилъ щибго щаклъи гьечІеб ва гІажаиблъи гьабизе кколареб амру буго.
Гьаб амру баян гьабун хадуб тІадегІанав Аллагьас Къиямасеб къо чІеялъул хабар бицун абулеб буго:

**34. Жиндир амру кинабго жоялдаса бергьараб ва захІматаб къо бачІараб мехалъ,** فَإِذَا جَآءَتِ ٱلطَّآمَّةُ ٱلۡكُبۡرَىٰ ٣٤

**35. Гьеб къоялъ щивав инсанасда жинца дунялалда гьабун букІараб гІамал ракІалде щола.** يَوۡمَ يَتَذَكَّرُ ٱلۡإِنسَٰنُ مَا سَعَىٰ ٣٥

**36. Жидеда жо бихьулел гІадамазе гьеб кьоялъ жужахІги загьир гьабула.** وَبُرِّزَتِ ٱلۡجَحِيمُ لِمَن يَرَىٰ ٣٦

Гьеб Къиямасеб къо букІиналда ва хІисаб-мизан букІине букІиналда инкар ккун рукІарал гІадамазе загьир гьабула гьеб жагьаннама, гьезул хІинкъиги хІасратги цІикІине.

**37.38.39. Жив къосаравлъун, дунялалъул чІаголъи жинца тІаса бищаравлъун вукІарав инсанасе гьев жаниве вуссунеб бакІ букІизе буго хІакълъунго жужахІалъул боркьараб цІа.** فَأَمَّا مَن طَغَىٰ ٣٧ وَءَاثَرَ ٱلۡحَيَوٰةَ ٱلدُّنۡيَا ٣٨ فَإِنَّ ٱلۡجَحِيمَ هِيَ ٱلۡمَأۡوَىٰ ٣٩

**40.41. Амма жив Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гІазабалдаса хІинкъун, гьесда цеве чІезе вукІин лъан, жинца напс гьелъие бокьараб жо гьабиялдаса нахъе чІван хьвадарав инсан вуссунеб бакІ хІакълъунго нигІматазул алжан буго.** وَأَمَّا مَنۡ خَافَ مَقَامَ رَبِّهِۦ وَنَهَى ٱلنَّفۡسَ عَنِ ٱلۡهَوَىٰ ٤٠ فَإِنَّ ٱلۡجَنَّةَ هِيَ ٱلۡمَأۡوَىٰ ٤١

Гьаб щуго аяталда бицараб жо буго жиндир дагьабниги гІакълу ва пикру бугев чиясе жиндирго напсалъул гІамал борцунеб цІадиро гІадаб жо. Гьаниб гІемераб ургъизе кколеб, хІисаб гьабизе кколеб жоги гьечІо, жиб балъгояб, бахчараб жоги гьечІо. ТІадегІанав Аллагьас баянаб каламалдалъун абулеб буго жиндие дунялалъул чІаголъи бокьарв, жинца куфру-ширк гьабун хьвадарав чи вуссунеб бакІ жужахІ буго, жив ахират бокьун, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гІазабалдаса хІинкъун хьвадарав чи вуссунеб бакІ алжан буго абун. Щивав инсанас пикру гьабизе ккела жив щиб къукъаялда гьоркьов вугеб абун.

**42. Дуда мушрикаца гьикъулеб буго, МухІаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, Къиямасеб къо щиб жо бугеб ва гьеб кида чІолеб абун.** يَسۡـَٔلُونَكَ عَنِ ٱلسَّاعَةِ أَيَّانَ مُرۡسَىٰهَا ٤٢

**43. Дуда щиб жоха лъалеб гьеб Къиямасеб къоялъул хІакъалъулъ?** فِيمَ أَنتَ مِن ذِكۡرَىٰهَآ ٤٣

**44. Дур БетІергьан Аллагьасде буссунеб буго гьеб къоялъул гІелму-лъай.** إِلَىٰ رَبِّكَ مُنتَهَىٰهَآ ٤٤

Гьеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жинда аскІоб тараб гъаибаб амруялдаса цо амру.

**45. ХІакълъунго мун вуго, МухІаммад صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ, дуца хІинкъи кьолев Расул, гьеб ахират букІиналда божун гьелдаса жив хІинкъулев чиясе.** إِنَّمَآ أَنتَ مُنذِرُ مَن يَخۡشَىٰهَا ٤٥

Гьелда божуларел гІадамазе дур хІинкъи кьеялъ щибго мунпагІатги

гъабуларо.

كَأَنَّهُمْ يَوْمَ يَرَوْنَهَا لَمْ يَلْبَثُوٓاْ إِلَّا عَشِيَّةً أَوْ ضُحَىٰهَا ﴿٤٦﴾

**46. Гьеб Къиямасеб къо жидеда бихьараб мехалъ гьелъул гIазабалъул ва гьелдасан хIинкъиялъул кутакалъ гьел мушриказда ракIалде ккола жал дунялалда чIаго рукIинчIин цо къоялъул радал гIужалъ, яги къаси гIужалъ гурони абун.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату НназигIаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго реццги тIадегIанав Аллагьасе буго.

## 80. Сурату ГІабаса

سُورَةُ عَبَسَ

*Маккаялда жиб рещтІине гьабураб, жинда жаниб кІикъоялда кІиго аят бугеб.*

*Гьаб хирияб сурат «Сурату Ннажмалда» хадуб рещтІине гьабунин абуна гІалимзабаца* (гьеб буго 53 абилеб сурат).

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

عَبَسَ وَتَوَلَّىٰٓ ﴿١﴾ أَن جَآءَهُ ٱلْأَعْمَىٰ ﴿٢﴾

**1.2. Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас гьумер букІкІине гьабуна цо беццав чи жиндихъе вачІараб мехалъ ва гьесие жаваб кьеялдаса вуссунги чІана.**

وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّهُۥ يَزَّكَّىٰٓ ﴿٣﴾

**3. Дуда щиб лъалеб, МухІаммад ﷺ, гьев беццав чи ватизе бегьула цІакъго жив тІовитІун кколев, жиндир мунагьаздаса вацІцІалъун кколев.**

أَوْ يَذَّكَّرُ فَتَنفَعَهُ ٱلذِّكْرَىٰٓ ﴿٤﴾

**4. Яги гьес дур вагІзаялда гІинтІамун, гьелдаса мунпагІат босизеги бегьила.**

Дуе жал тІоритІизе бокьун ругел къурайшиязул ханзабаз босулеб мунпагІаталдаса цІикІкІун.

أَمَّا مَنِ ٱسْتَغْنَىٰ ﴿٥﴾ فَأَنتَ لَهُۥ تَصَدَّىٰ ﴿٦﴾

**5.6. Амма жинца Аллагьасда ﷻ иман лъечІого гьесдаса гІей гьабун жив чІухІун чІарав чиясулгун дуца хабар бицунеб буго ва гьев иманалде тІовитІизе бокьун дуца гьесие дагІватги гьабулеб буго.**

وَمَا عَلَيْكَ أَلَّا يَزَّكَّىٰ ﴿٧﴾

**7. Дуе щибго къварилъи ва кІалгьикъи гьечІо гьев капурчияс иман лъечІо абун.**

Дуда тІадаб жо буго гьезухъе рисалат щвезаби. Гьезда иман лъезабизе дуда кІоларо.

وَأَمَّا مَن جَآءَكَ يَسْعَىٰ ﴿٨﴾ وَهُوَ يَخْشَىٰ ﴿٩﴾ فَأَنتَ عَنْهُ تَلَهَّىٰ ﴿١٠﴾

**8.9.10. Ва амма жив духъе цІакъ гІедегІун вачІарав, жив Аллагьасдаса ﷻ хІинкъаравлъунги вугев чияс дудехун хитІаб гьабураб мехалъ, мун гьесие жаваб кьеялдаса вуссун чІолев вуго ва къурайшазул мушриказдехун кІалъалев вукІун, мун гьев чиясда кІалъаялдаса машгъуллъулев вуго.**

Гьаб анцІго аят рещтІине гьабиялъе сабаб бицун тафсиралъул

гIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг цо къоялъ машгъуллъун вукIана къурайшиязул церехъабазе дагIват гьабиялда. Аварагасул ﷺ хьул лъун букIана гьел церехъабаца иман лъуни ва гьел Исламияб диналдеги рачIани, гьезда нахърилълъунел цогидал гIадамазги иман лъела абун. Цинги гьесда тIаде вачIун жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь ибну Уму Мактум абулев асхIабас ахIана: «Я расулаллагьи! Дуца дида лъазе гьабе Аллагьас ﷻ дуда лъазе гьабураб жо!»-абун.

Гьев ГIабдуллагь беццав чи вукIана ва гьесда лъалеб букIинчIо Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьел къурайшиязде кIалъалев вукIин. Жиндие аварагас ﷺ жаваб кьечIеб мехалъ ГIабдуллагьица кIиабизеги ва лъабабизеги жиндир суал такрар гьабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе гьеб иш бокьичIого гьес гьумер букIкIине гьабуна, ва гьев Ибну Уму Мактумие жаваб кьечIо. Гьаб амруялдаса хадуб тIадегIанав Аллагьас гьаб анцIго аят рещтIине гьабуна ва гьелдаги тIад аварагасе ﷺ насихIат гьабун абуна:

**11. Дуца тIокIаб гьединаб иш гьабуге! Гьеб Къуръан буго жиндаса вагIза босизе бугеб Аллагьасул ﷻ калам.** كَلَّآ إِنَّهَا تَذْكِرَةٌ ۝١١

**12. Жиндие бокьарав чияс гьелдасан вагIза босула.** فَمَن شَآءَ ذَكَرَهُۥ ۝١٢

Гьеб Къуръаналъул вагIза босизе бокьичIого чIарал гIадамазул дуца кIвар гьабуге! Гьел гIадамазе дагIват гьабулевги вукIун дудаса гIелму тIалаб гьабун вачIарав чи дуца жаваб кьечIого тоге. Мун тIалаб гьавун вачIарав чиги живго тун, дудаса тIурун унев чиясда хадув лъугьин гIакъилаб иш гьечIо!

ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал рещтIине гьарун жинда гIайиб чIвараралдаса, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цониги мискин-пакъирав чиясе гьумер букIкIинчIо, цониги бечедав чиясда цеве чIун гьесие хабарги бицинчIо. Хирияв аварагасул ﷺ мажлисалда мискинзаби жидер бищун къадру бугеллъун рукIунаан. Жинда тIаде Ибну Уму Мактум лъугьараб мехалъ аварагас ﷺ гьесда абулеб букIана: «МархIаба дуе! Мун сабаблъун дир БетIергьанас дида гIайиб чIварав чи» - абун, цинги гьесда гъоркь жиндир халгIат тIамун гьев гIодов чIезеги гьавулев вукIана.

**13.14. Гьаб Къуръан буго Аллагьасда ﷻ аскIор даража т1адег1анал къадро тIокIал жал рацIцIадал кагътазда тIад хъван бугеб Аллагьасул ﷻ калам.** فِى صُحُفٍ مُّكَرَّمَةٍ ۝١٣ مَّرْفُوعَةٍ مُّطَهَّرَةٍۭ ۝١٤

ЩайтIаналъул ва цогидаб махлукъалъул заралалдаса жиб

цIунун бугеб, жиндилъ щибго хис-бас кколареб.

**15.16. Жал хириял, аварагзабазда عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ чапарзабилъун жал ритIулел малаикзабазул кодоре кьун Аллагьасул расуласухье ﷺ жал щвезе гьарулел гьел Къуръаналъул аятал.** بِأَيۡدِي سَفَرَةٖ ۝١٥ كِرَامِۭ بَرَرَةٖ ۝١٦

Цоги магIна гьабуна: ЛавхIулмахIфузалдаса гьеб Къуръан хъван накъло гьабуна (гьенисан цоги бакIалда хъвана) малаикзабазул квераздалъун абун.

**17. Жив чIваяв ва Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалдаса рикIкIад гьавеяв капурав инсан!** قُتِلَ ٱلۡإِنسَٰنُ مَآ أَكۡفَرَهُۥ ۝١٧

**Гьесул Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар кквеялъул ва гьесул жиндие ругел гIемерал нигIматазда инкар кквеялъул гIажаиблъи ва гуч бихьуларищха!**

**18. Гьадин чIухIун жив хьвадизе ккани гьев инсанас пикру щай гьабулареб жив щибжоялдаса вижарав абун.** مِنۡ أَيِّ شَيۡءٍ خَلَقَهُۥ ۝١٨

**19. Манидал къатIраялдаса вижана Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев инсан, цинги эбелалъул чохьониб чанго батIияб сипаталда гьесул вижин къадар гьабуна.** مِن نُّطۡفَةٍ خَلَقَهُۥ فَقَدَّرَهُۥ ۝١٩

**20. Цинги лъимер гьабизе мех щведал гьеб лъимералъе дунялалде бачIине нухги хIадурана ва гьеб нух бигьаябги гьабуна.** ثُمَّ ٱلسَّبِيلَ يَسَّرَهُۥ ۝٢٠

**21. Жиндие бихьизе гьабураб гIумру тIубан хадуб Дица гьев инсан хвезе гьавуна ва ракьулъги вукъана.** ثُمَّ أَمَاتَهُۥ فَأَقۡبَرَهُۥ ۝٢١

Цогидал хIайваназ ГIадин ракьалда тIадго тун махIцун, гIалхул жалаз ва хIанчIаз гьан кваналеблъун течIо инсанасул къаркъала.

**22. Цингиги тIадегIанав Аллагьасе бокьараб мехалъ гьев инсан хабалъа тIаде вахъине гьавула ва гьесул хIисаб-мизан гьабун гьесие жазаъги гьабула.** ثُمَّ إِذَا شَآءَ أَنشَرَهُۥ ۝٢٢

**23. Мун Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ гIасиялъиялдаса нахъе чIвае, я гьав капурав инсан! Гьев инсанас жинда тIад къараб амру тIубачIо:** كَلَّا لَمَّا يَقۡضِ مَآ أَمَرَهُۥ ۝٢٣

жинца иман лъечIо, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ как бачIо, закат кьечIо ва хIалалаб-хIарамаб жо батIа гьабун амру-нагью тIубан хьвадичIо.

**24. Гьев инсан валагье абе** (пикру гьабун) **Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие ризкъилъун кьун бугеб батIи-батIияб тIагIамалде.** فَلۡيَنظُرِ ٱلۡإِنسَٰنُ إِلَىٰ طَعَامِهِۦٓ ۝٢٤

Ва гьелъул пикру гьабун Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ щукру гьабе абе гьес.

**25. ХIакълъунго Дица зодиса гIемераб цIад рещтIине гьабуна.** أَنَّا صَبَبْنَا ٱلْمَآءَ صَبًّا ﴿٢٥﴾

**26. Гьеб цIадалдалъун ракьги багъаризе гьабуна:** жинда тIад хур-хер бижине хIадур гьабуна. ثُمَّ شَقَقْنَا ٱلْأَرْضَ شَقًّا ﴿٢٦﴾

**27. Цинги гьеб ракьалда тIад щибаб мугь бугеб жо бижине гьабуна.** فَأَنۢبَتْنَا فِيهَا حَبًّا ﴿٢٧﴾

**28. ЦIибил ва цогидаб пихъги бижине гьабуна, гIурччинго кваналел бахчаялъул нигIматалги рижине гьаруна.** وَعِنَبًا وَقَضْبًا ﴿٢٨﴾

**29. Зайтуналъул ва чамастакил пихъги бижине гьабуна.** وَزَيْتُونًا وَنَخْلًا ﴿٢٩﴾

**30. Керчал, бечедал ахалги.** وَحَدَآئِقَ غُلْبًا ﴿٣٠﴾

**31. Гьуинал лазатал пихъалги, хIайваназе кваназе гIалахалда херги бижине гьабуна.** وَفَٰكِهَةً وَأَبًّا ﴿٣١﴾

**32. Гьаб кинабго жо Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **бижана нужее ва нужер хIайваназе жиндаса мунпагIат босулеблъун, гьелдалъун нужеца яшав гьабулеблъун букIине.** مَّتَٰعًا لَّكُمْ وَلِأَنْعَٰمِكُمْ ﴿٣٢﴾

**33. Къиямасеб къо тIаде щун жинца гIундул гIинкъ гьарулеб гучаб гьаракь бахъараб мехалъ** лъала инсанасда жив дунялалъул рукъов цIакъ мекъаб хIалалъ хьвадун вукIин ва жив ахираталъе чIового хутIун вукIинги. فَإِذَا جَآءَتِ ٱلصَّآخَّةُ ﴿٣٣﴾

34. Гьеб къо буго щивав инсан жиндирго напсалъул ургъалида вукIунеб къо.
**Гьеб къоялъ инсан жиндирго вацасдасан лъутула.** يَوْمَ يَفِرُّ ٱلْمَرْءُ مِنْ أَخِيهِ ﴿٣٤﴾

**35. Жиндир эбел-инсудасанги лъутула.** وَأُمِّهِۦ وَأَبِيهِ ﴿٣٥﴾

**36. Жиндир чIужуялдасаги, лъималаздасаги лъутула.** وَصَٰحِبَتِهِۦ وَبَنِيهِ ﴿٣٦﴾

**37. Гьеб къоялъ щивав инсанасе букIуна жив цогидаздаса машгъул гьавулеб ургъел ва къварилъи.** لِكُلِّ ٱمْرِيٍٕ مِّنْهُمْ يَوْمَئِذٍ شَأْنٌ يُغْنِيهِ ﴿٣٧﴾

Аллагьасул свалат салам лъеял аварагзабазда умматалъул гIадамаз гьарараб мехалъ жидее шапагIат гьабе абун, ниж гьаб зах1малъиялдасан хвасар гьаре абун, гьезги абула: «Дун гьелъул агьлулъун гьечIо, нужеца цоги чи цIехе нужее жинца шапагIат гьабулев. Дун дирго напсалъул

ургъалида вуго!» - абун. Гьеб х1алалда рук1ула Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъер хирияв аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ изну кьун гьес шапаг1ат гьабизег1ан. Гьеб буго нилъер аварагасе صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ бугеб хассаб шапаг1ат.

**38. Гьеб къоялъ цо гьурмал рукӀуна жидеда нур бараллъун ва жал рохараллъун.** وُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ مُّسْفِرَةٌ ﴿٣٨﴾

**39. Жал рохун гьимулел ва цоцада жидер рохел бицунелги рукӀуна.** ضَاحِكَةٌ مُّسْتَبْشِرَةٌ ﴿٣٩﴾

Гьел руго дунялалда ругеб мехалъ Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ гӀазабалдаса хӀинкъун гьесие тӀагӀат-гӀибадат бацӀцӀад гьабурал муъминзаби.

**40. Цоги гьурмал рукӀуна гьеб къоялъ жидеда тӀад кӀкӀуйги хӀурги рекӀун бугел.** وَوُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ عَلَيْهَا غَبَرَةٌ ﴿٤٠﴾

**41. Жидеде тӀаде бецӀлъи ва чӀегӀерлъи бачӀун ругел. ХӀинкъи-къварилъиялъ жал хисизе гьарун ругел, чӀегӀер гьарун ругел.** تَرْهَقُهَا قَتَرَةٌ ﴿٤١﴾

**42. Гьел гӀадамал руго жал дунялалъул рукъор куфру-ширкалда рукӀарал, жидеца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гӀасилъи ва гӀадамазе зулму-пасалъи гьабулел рукӀарал.** أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْكَفَرَةُ ٱلْفَجَرَةُ ﴿٤٢﴾

Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ иман-исламалда тӀоритӀун, гьелда хьвадизе гьарун ва гьелда хвезе гьарун Къиямасеб къоялъ гьурмал берциналлъун тӀаде рахъине гьарулеллъун гьареги нилъ киналго!

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун Сурату ГӀабасаялъул тафсир ва таржама хъван тӀубана.

Кинабго рецц ва щукру ТӀадегӀанав Аллагьасе буго.

## 81. Сурату Ттаквир

سُورَةُ التَّكْوِيرِ

*«Суратул Масадалда» хадуб жиб рещтIине гьабураб* (111 абилеб сурат).

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Зодиса бакъул канлъи ине гьабураб гIужалъ.** إِذَا الشَّمْسُ كُوِّرَتْ ١
Цо жоялда гъорлъ жемун бакъ бахчараб гIадин гьеб бакъ жиб бихьулареб ва жинца канлъи кьолареблъун жиб гьабураб мехалъ.

**2. Жидер бакIаздаса ротун цIвабиги нахъе араб гIужалъ.** وَإِذَا النُّجُومُ انكَدَرَتْ ٢

**3. Щулиял мугIрулги гьарщун гIодоре ине гьарураб гIужалъ.** وَإِذَا الْجِبَالُ سُيِّرَتْ ٣

**4. Къинлъизе мех щварал варанабиги жидер милат гьабичIого гIалахалдаго тараб мехалъ.** وَإِذَا الْعِشَارُ عُطِّلَتْ ٤

**5. Киналго гIалхул хIайваналги жал хIинкъун цохIо бакIалде данде ракIарараб гIужалъ.** وَإِذَا الْوُحُوشُ حُشِرَتْ ٥
Гьезул бищун къуватал чанахъабиги жинда аскIоб бугеб загIипаб чан кваназе ургъулареб, гьелда регIулареб гIужалъ. Гьел хIайванал тIаде рахъизе гьарун цоцадаса къисас босизе риччала цинги цIидасан ракьалде русине гьарула.

**6. Киналго ралъадалги жал цIалъун лъугьун лагь-лагьиялда рукIунеб гIужалъ.** وَإِذَا الْبِحَارُ سُجِّرَتْ ٦

**7. ЛъикIалги квешалги гIадамал цоцаздаса ратIа гьарун, лъикIал гIадамал алжаналда жанир ва квешал гIадамал жужахIалде жанир данде гьарураб мехалъ.** وَإِذَا النُّفُوسُ زُوِّجَتْ ٧

**8.9. Жий чIаго ракьулъ юкъун йикIарай гьитIинай ясалдаги гьикъулеб гIужалъ: «Мун щиб мунагь букIун чIагого ракьулъ юкъун йикIарай» абун.** وَإِذَا الْمَوْءُودَةُ سُئِلَتْ ٨ بِأَيِّ ذَنبٍ قُتِلَتْ ٩

**10. Жидер гIамал хъварал кагъталги тIиритIун гьезда цере лъедал.** وَإِذَا الصُّحُفُ نُشِرَتْ ١٠

**11. Жидер бакIалдаса рахъун зобалги нахъе росараб гIужалъ,** وَإِذَا السَّمَاءُ كُشِطَتْ ١١

**12. кутакалда жужахIалъул цIаги боркьараб гIужалъ.** وَإِذَا ٱلۡجَحِيمُ سُعِّرَتۡ ﴿١٢﴾

**13. Муъминзабазде алжанги цIакъ гIагарде бачараб гIужалъ.** وَإِذَا ٱلۡجَنَّةُ أُزۡلِفَتۡ ﴿١٣﴾

**14. Гьал гIаламатал жиндир ругеб Къиямасеб къоги чIун БетIергьан Аллагьасда цере махIшаралда рахъун чIезе гьарураб мехалъ щибаб напсалда лъазе буго жинца дунялалда гьабун букIараб гIамал.** Гьеб къоялъ гьесие гIузру бачине бакI букIунаро, лъутунги ворчIуларо, гIакIа-рищват кьунги гьев хвасарлъуларо. Щибаб напсалъ жинца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ чIамулеб къо буго гьеб. عَلِمَتۡ نَفۡسٞ مَّآ أَحۡضَرَتۡ ﴿١٤﴾

Гьаб сураталда жаниб бугеб анкьабилеб аяталъе тафсир гьабун гIалимзабаца чанго батIияб рагIи бицун буго. Цо рагIи буго нилъеца гьаниб хъвараб. Цоги рагIи буго инсанасул къаркъалаги рухIги данде гьабураб гIужалъ абун. Цоги рагIи буго муъминзаби хIурулгIинзабигун данде гьарураб гIужалъ абун. Цоги рагIи буго щибаб умматалъул ва къавмалъул гIадамал цоцазе данде гьарураб гIужалъ абураб. Цоги рагIи буго Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ тун жидее лагълъи гьабурал аллагьзабиги, гьезие лагълъи гьабурал мушрикалги данде гьарураб гIужалъ абун.

Гьаб сураталъулъ бицен гьабураб чIагого ясал ракьулъ рукъиги жагьилиял гIарабиязул гIадат букIана. Гьел ясал хьихьизе кIоларо абун, яги гьез жидее нич гьабила абун хIинкъун рукъулаан гIарабияз гьел ясал чIагого ракьулъ.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасул бицунеб тарихалда хъван буго: Гьев ГIумар асхIаб жидеда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъаял асхIабзабигун гIодов чIун вугеб гIужалъ гьев дагьавго гьимана, цинги хадув жиндир магIу чвахун гIодизеги гIодана. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасда гьикъидал щиб жоялъ мун гьимизе гьавурав цинги гIодизеги гьавурав абун, ГIумар асхIабас абуна: «Жагьилияб заманалъ ниж рукIана нижеца гIатIги буцун гьелъул алагьги гьавун, гьесие лагълъи гьабулел. Цо дагьаб замана ун нижеде квен ракIалде щвараб мехалъ нижеца гьев гIатIал вуцун гьавурав аллагь кваналевги вукIана. Гьаб ахIмакъаб иш ракIалде щвеялъ дун гьимизе гьавуна. Дун гIодизе гьавураб иш буго дида ракIалде щвей дица дирго яс чIагого ракьулъ лъураб заман[1]»-абун.

[1] Жинда Аллагь разилъаяв Г1умарица жиндирго яс ч1ванин бугеб хабар

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумар асхІаб жагьилаб заманалъ гьеб хІалалда вукІана. Исламияб диналде вачІараб мехалъ гьесул кІаркьабазда кІиго мухъ лъугьун букІана жив Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хІинкъун гІемер гІодулев вукІун. Гьесда Халифалъун вугеб заманаялъ цо гІадан ятана ракъарал лъималазе квен гьабулеб буго абун ракІалде ккезе гьабун лъим жанибе тІураб хьаг цІаялда тІад лъун, гьенире жанире чІинхалги рехун, гьел лъимал кьижизаризе хІилла ургъарай.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумар асхІабас гьелъие ва лъималазе карщ гьабизе ханжуги нахги босун вачІун, гьеб хьагинибеги рехун жив ракьалда вегун, мегежги хІурул цІезе гьабун, гьеб хьагалда гъоркь цІа рекІинабизе яхІ бахъулев вукІана ва жинцаги абулеб букІана: «Вай дуе лъикІ букІаяв ГІумар! ГІумарил эбелалъ ГІумар гьавунго вукІинчІеванищ!» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумар асхІаб халифалъун вугеб мехалъ сардилъ тІаде вахъун Мадина шагьаралъул рагІалде ун гьений йигей унтарай, беццай, жинда валагьулев чи гьечІого хутІарай херай кІодое лъимги кьун, квенги кьун, гьелъул кІващ-гъизги бацІцІад гьабун рогьалил как балелде масжидалде вачІунев вукІана.

Гьав хирияв ГІумар асхІаб сардилъ къватІиве вахъун жиндир рагІияталъул хал гьабизе къватІазда свердулев вукІана. Гьедин свердулаго гьесда цо чІужугІаданалъул гІоди ва зигара рагІун гьеб рукъалде аскІове къадал гьесда лъана гьей йикІин лъимер гьабизе унтарай гІадан. Хехго рукъове ун жиндир чІужу гьелъие чІарахъанлъи гьабизе йитІана ва цогидалги гьей гІаданалъул хІажатал тІурана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумар асхІаб вахІшилъиялъул гвендиниса къватІиве вахъине гьавун, инсанлъиялъул бищунго лъикІал сипатазда хьвадизе гьавураб жо буго Исламияб дин. Гьеб дин буго гьесул рекІелъги чорхолъги жиб бессун букІараб. Гьеб исламияб дин буго гурхІел-рахІмуялъул, гІелму-диналъул, эркенлъи, тІаса лъугьин, ва цогиги киналго берцинал ва лъикІал сипатал жинда жанир ругеб дин.

---

гІалимзабаца битІараблъун рикІунеб гьечІо цо чанго сабабалъе гІоло, гьездасан:

-гьев ясал чІвалев чи вукІун ватани гьесул яс ХІапсат кин гьес чІаго тарай, гьейги гьаюн йикІадго жагьилаб заманалъго.

-гьесул гьеб хабар, цониги аслияб хІадис гІелмуялъул ва тарихалъул тІахьазда рехсечІого кин тараб.

-гьеб хабар битІараб батаниги, гьелъул кинабгІаги зарал гьечІо гьев хирияв асхІабасе, щайгурелъул ислам босун хадуб чиясул кинилго цере арал мунагьал чурулелъул.

Гьаб хабар гьечІо рафизаца (шигІитаца) ургъараб гьересияб хабар гурони, жинда Аллагь разилъаяв ГІумарида гІайиб гІунтІизабизе бокьун.

15. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Дун гьедулев вуго,** дие бокьун гьедизе тIадаб гьечIониги, **жал раккулеб мехалъ жидер канлъи загIипал, бакъ баккидал жидер кунчIи тIагIунел,** فَلَآ أُقۡسِمُ بِٱلۡخُنَّسِ ١٥

**16. Зобалазда жал хьвадулел, цинги жал тIерхьун ун жидерго рукъзабахъе алхул чанал гIадин жал рахчулел цIвабзаздалъун.** ٱلۡجَوَارِ ٱلۡكُنَّسِ ١٦

**17. Жиб бецIлъараб сордоялдалъунги,** وَٱلَّيۡلِ إِذَا عَسۡعَسَ ١٧

**18. жиндир канлъи загьираб къоялдалъунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагь:** وَٱلصُّبۡحِ إِذَا تَنَفَّسَ ١٨

**19. ХIакълъунго гьаб МухIаммадица ﷺ цIалулеб Къуръан Жабраил малаикас гьесухъе бачIараб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам буго.** إِنَّهُۥ لَقَوۡلُ رَسُولٖ كَرِيمٖ ١٩

**20. Жиндир къуват-гуч бергьарав гьев Жабраил, г1арщалъул БетIергьан Аллагьасда аскIов къадру-къимат бугев.** ذِي قُوَّةٍ عِندَ ذِي ٱلۡعَرۡشِ مَكِينٖ ٢٠

**21. Зобалазда ругел малаикзабиги жиндие мутIигIав, аварагзабазде عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ вахIю босун витIизе жинде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ божилъи гьабурав** вуго гьев Жабраил малаик. مُّطَاعٖ ثَمَّ أَمِينٖ ٢١

**22. Гьав нужеде витIарав авараг ﷺ жундуца ккурав, жиндир гIакълу хисарав чи гьечIо.** وَمَا صَاحِبُكُم بِمَجۡنُونٖ ٢٢

**23. Х1акълъунго гьав МухIаммад аварагасда ﷺ Жабраил малаик вихьана бакъ баккул рахъалда зобалазул тIалъиялда.** وَلَقَدۡ رَءَاهُ بِٱلۡأُفُقِ ٱلۡمُبِينِ ٢٣

Жиндир нуралъ кинабго бакъбаккул рахъ цIезе гьабун. Гьесул аслияб сураталда вихьана аварагасда ﷺ гьев Жабраил. Гьеб букIана ХIираъ нохъода жанив вукIун жиндихъе Къуръан босун Жабраил вачIине байбихьаралдаса дагьабго заман араб мех.

**24. Гьев МухIаммад авараг ﷺ жинда вахIю гьабураб жо бахчун толев гьеч1о, гьеб умматалъухъе щвезе гьабизе жив бахилльулевги гьеч1о.** وَمَا هُوَ عَلَى ٱلۡغَيۡبِ بِضَنِينٖ ٢٤

**25. Гьев МухIаммадица ﷺ цIалулеб Къуръан жиб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахIматалдаса рикIкIад гьабураб щайтIаналъул рагIиги гьечIо.** وَمَا هُوَ بِقَوۡلِ شَيۡطَٰنٖ رَّجِيمٖ ٢٥

Мушрикаца абухъе гьеб Къуръан шигIру гьечIо, сихIру гьечIо, инсанас ургъараб калам гьечIо, щайтIаналъул гьересияб вахIюги гьечIо.

**26. Нуж я гьал мушрикал щиб нухалъ хьвадулел гьаб Къуръанги, Къуръан жинда рещтIине гьабурав аварагги ﷺ гьереси гьавун?** فَأَيْنَ تَذْهَبُونَ ﴿٢٦﴾

Жиндир аятал мухIканаб, жиндир хIукму баянаб, жинца бицунеб жо гьереси гьабизе кIолареб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ каламги гьереси гьабун. Жидеда гьесул ритIухълъи ва аманат лъалев, жинца кидаго гьереси бицинчIев, хиянат гьабичIев МухIаммадги ﷺ кин гьез гьереси гьавулев?

**27. Гьаб къуръан гьечIо жинца гIадамазе вагIза гьабулеб, лъикIаб квешаб гIадамазда ракIалда щвезабулеб, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ калам гурого.** إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَالَمِينَ ﴿٢٧﴾

**28. нужер битIараб нух къварigIарас ва витIун ккезеги къварigIарас, гьаб къуръаналда рекъон гIамал гьабе абе.** لِمَن شَاءَ مِنكُمْ أَن يَسْتَقِيمَ ﴿٢٨﴾

**29. Нужеда лъикIаб гIамал гьабизе ва хIакъаб диналда чIезе кIоларо тIадегIанав Аллагьасул тавпикъ-квербакъи букIун гурони, кинабго махлукъалъул бетIергьанлъун жив вугев.** وَمَا تَشَاءُونَ إِلَّا أَن يَشَاءَ اللَّهُ رَبُّ الْعَالَمِينَ ﴿٢٩﴾

Гьев Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ тIалаб гьабе нужеца нужее тIоритIел ва жив разияб гIамал гьабизе тавпикъги.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Ттаквиралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 82. Суратул ИнфитIар

سُورَةُ الانفِطَار

*Сурату-НназигIаталда хадуб рещтIине гьабунин гьаб сурат абуна тафсиралъул гIалимзабаца.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1. **Аллагьасул** جَلَّجَلَالُهُ **амруялдалъун зобал хъвалхьун араб мехалъ,** малаикзабазул боял ракьалде рещтIине. إِذَا السَّمَاءُ انفَطَرَتْ ﴿١﴾

2. **Зодир ругел цIвабиги жидер бакIаздаса роpтун араб мехалъ.** وَإِذَا الْكَوَاكِبُ انتَثَرَتْ ﴿٢﴾

3. **Ралъадалги цоцазде тIаде кIанцIун, цоцалъ журан цохIо ралъад гIадин лъугьараб мехалъ.** وَإِذَا الْبِحَارُ فُجِّرَتْ ﴿٣﴾

4. **Хварал гIадамал жанир рукIарал хобалги рагьун гьенир жанир рукIарал гIадамал ракьул мугъалда тIаде рахъараб мехалъ.** وَإِذَا الْقُبُورُ بُعْثِرَتْ ﴿٤﴾

Гьал руго Къиямасеб къо чIеялъул гIаламатал. Гьал гIаламатал загьирлъараб мехалъ ва жив махIшаралде вахъун ТIадегIанав Аллагьасда цеве эхетун чIараб мехалъ

5. **Щибаб напсалда лъазе буго жинца дунялалъул рукъоб гьабураб кинабго гIамал, жинца гьабичIого тараб гIамалги.** عَلِمَتْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ وَأَخَّرَتْ ﴿٥﴾

Цогиги магIна гьабуна: жинца гьабураб гIамал ва жив хун хадуб жиндир гIамалалъул нахъе хутIараб асарги лъазе буго щибаб напсалда абун. Жинца гIелму малъун букIун батани, масжидал, мадрасаби ран рукIун ратании, гIелму хъван нахъе тун букIун батани, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналъе гIоло жигьад гьабун гьеб дин цIи гьаби ва гIатIид гьаби загьирлъун букIун батани:-гьаб кинабго ва гьалда релълъараб лъикIаб гIамал буго инсанас жиндие мунпаг1аталъе нахъе тараб ва Къиямасеб къо щвезегIан жиндие ажру-кири цIикIкIунеблъун букIунеб.

Гьабго мисал буго цо чияс квешаб нух лъун букIун батаниги. Гьеб нухалъ хьвадаразул мунагьал гьесие рачIунел рукIуна Къиямасеб къо щвезегIан. Гьаб магIнаялда жинца тIоритIел гьабулеб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб мухIканаб хIадисги буго.

6. **Я гьав инсан! Мун щиб жоялъ гуккун вугев дуда гурхIулев, дуе жинца гIемерал** يَا أَيُّهَا الْإِنسَانُ مَا غَرَّكَ بِرَبِّكَ الْكَرِيمِ ﴿٦﴾

**нигІматал кьолев, сахаватав, цІобал гІатІидав Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **мун гІасилъизе ккани?**

**7. Гьев БетІергьан Аллагь вуго гурищ жинца мун вижарав, дуе берцинаб черх гьабун, чІурканал лугбал гьарун, кинабго жиндир махлукъалдаса хира гьавун мун хьихьарав.** ٱلَّذِى خَلَقَكَ فَسَوَّىٰكَ فَعَدَلَكَ ﴿٧﴾

Дуе гІакълуги кьурав, бихьи-рагІиги кьурав. Аллагь جَلَّجَلَالُهُ дур БетІергьан вукІиналда тІоритІел гьабулел гІемерал гІаламатазул пикру гьабизе жинца дуе ракІги гьабурав.

**8. Жиндие бокьараб хІалалъ берцинаб сипат-сураталда вижана Аллагьас** جَلَّجَلَالُهُ **мун.** فِىٓ أَىِّ صُورَةٍ مَّا شَآءَ رَكَّبَكَ ﴿٨﴾

**9. Гьадин бугониги нужеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъолеб гьечІо, гьесие гІибадат бацІцІад гьабун, гьев цо гьавун хьвадулел гьечІо.** كَلَّا بَلْ تُكَذِّبُونَ بِٱلدِّينِ ﴿٩﴾

**Нужеца Къиямасеб къо гьереси гьабулеб буго.** ХІисаб-мизан ва жазаъ букІине букІиналда нуж божулел гьечІо.

**10.11. Х1акълъунго нужер щивав инсанасда цадахъ жидеца гьезул гІамал хъвалел малаикзаби руго, Аллагьасе** جَلَّجَلَالُهُ **жал хирияв ва жидеца щибго жо гьоркьоб течІого лагъзадерил гІамал хъван нахъе цІунулел.** وَإِنَّ عَلَيْكُمْ لَحَٰفِظِينَ ﴿١٠﴾ كِرَامًا كَٰتِبِينَ ﴿١١﴾

**12. Гьезда лъала нужеца гьабулеб кинабго гІамал:** лъикІаб букІа, квешаб букІа, балъго гьабураб букІа, загьирго гьабураб букІа. يَعْلَمُونَ مَا تَفْعَلُونَ ﴿١٢﴾

**13. Х1акълъунго Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъун, аварагасда** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ **нахърилълъун жидеца лъикІаб гІамал гьабурал муъминзаби алжаналъул нигІматазулъ рукІине руго.** إِنَّ ٱلْأَبْرَارَ لَفِى نَعِيمٍ ﴿١٣﴾

**14. Ва х1акълъунго жидеца Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **инкар ккун куфру-ширк гьабун хьвадарал гІадамал жиб боркьараб жужахІалъул цІадар рукІине руго.** وَإِنَّ ٱلْفُجَّارَ لَفِى جَحِيمٍ ﴿١٤﴾

15. Жидеца гьареси гьабулеб букІараб **Къиямасеб къоялъ гьел жужахІалде лъугьине гьарула.** يَصْلَوْنَهَا يَوْمَ ٱلدِّينِ ﴿١٥﴾

**16. Гьезие гьеб жужахІалдаса рорчІизе бакІги гьечІо.** وَمَا هُمْ عَنْهَا بِغَآئِبِينَ ﴿١٦﴾

**17. Дуда щибха лъалеб, я гьав инсан, гьаб Къиямасеб къо щиб къо бугеб?** وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا يَوْمُ ٱلدِّينِ ﴿١٧﴾

**18. Жегиги дуда гьеб къо щиб къо бугеб щибха лъалеб.** ثُمَّ مَآ أَدۡرَىٰكَ مَا يَوۡمُ ٱلدِّينِ ﴿١٨﴾

Дуда гьеб бихьун гьечIелъул, жиндир сипат бицун жиб лъалеб къо гьечIо гьеб! ЦIакъ захIматаб, хIинкъараб, жиндир гIакъуба-къварилъи цIикIкIараб къо буго!

**19. Гьеб къо буго цониги напсалда кIолареб жиндиего, яги цогидаб напсалъе лъикIлъи гьабизе, яги жиндаса зарал нахъе чIвазеги.** يَوۡمَ لَا تَمۡلِكُ نَفۡسٞ لِّنَفۡسٖ شَيۡـٔٗاۖ وَٱلۡأَمۡرُ يَوۡمَئِذٖ لِّلَّهِ ﴿١٩﴾

**Кинабго амру ва хIукму гьеб къоялъ букIуна цохIого тIадегIанав Аллагьасе.**

Жинда Аллагь разилъаяв абу-ХIазимил Музани абулев гIалимасда Сулейман ибну ГIабдулмалик абулев халифаяс абуна: «Дида лъалеб анищха Къиямасеб къоялъ нилъ кире руссине ругел ва щиб жо бугеб Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ аскIоб нилъее хIадурун» - абун. Музанияс абуна: «Дуца дур гIамал данде ккве (борце) Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ калам Къуръаналда, дуда гьениб батизе буго Аллагьасда аскIоб дуе хIадурун бугеб жо» – абун. Сулайманимца абуна: «Щиб аяталдаха дида гьеб батулеб?» – абун. Музанияс абуна: «Дуда гьеб батизе буго «Жидеца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал алжаналде жанир рукIуна. Жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамал жужахIалда жанир рукIуна» – абураб аяталда жаниб абуна. Цинги Сулейманица абуна: «Цинги Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмат кибха бугеб?» – абун. Музанияс абуна: «Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмат жидеца лъикIлъи гьабулел гIадамазда гIагарда буго» абураб аяталъ абухъе буго гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмат» – абун.

Суратул ИнфитIаралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго реццги Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ буго.

# 83. Суратул МутIафифин

سُورَةُ المُطَفِّفِين

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб лъебералда анлъго аят бугеб.*

*Гьаб буго «Суратул ГIанкабуталда» хадуб жиб рещтIине гьабураб* (29 сурат). *Маккаялда рещтIине гьарурал суратазул ахираб суратги буго.*

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَيۡلٞ لِّلۡمُطَفِّفِينَ ١

**1. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи буго жидеца цIадиро ва къали мукъсан гьабулел гIадамазе.**

ГIадамазе хIилла гьабун гьеб цIадиро-къалиялдасан дагьабго жогижидеца мукъсан гьабун гIемераб ахираталъул гIазабалъе жал хIакълъулел.

ٱلَّذِينَ إِذَا ٱكۡتَالُواْ عَلَى ٱلنَّاسِ يَسۡتَوۡفُونَ ٢

**2. Гьел гIадамал руго жидеца гIадамаздаса жидее борцунеб ва цIалеб мехалъ къали ва цIадиро камил гьабун тIубазе гьабулел.**

وَإِذَا كَالُوهُمۡ أَو وَّزَنُوهُمۡ يُخۡسِرُونَ ٣

**3. Жидеца гIадамазе борцунеб яги цIалеб мехалъ гьеб жоялдаса тIаса камизе гьабулел.**

ГIалимзабаца абуна: Гьал аятал рещтIине гьаруна Абу-Жугьайнат абулев даранчиясул хIакъалъулъ. Гьесул кIиго батIияб сахI букIана: цояб гIадамазе жинца кьолеб мехалъ хIалтIизе гьабулеб, цогидаб гIадамаздаса жинца босулеб мехалъ хIалтIизе гьабулеб. Гьал аятал киназего гIаммал руго ва гьаб гIамал гьабулел гIадамал жидеда Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ццим бахъунел руго.

أَلَا يَظُنُّ أُوْلَٰٓئِكَ أَنَّهُم مَّبۡعُوثُونَ ٤ لِيَوۡمٍ عَظِيمٖ ٥

**4.5. Гьал гIадамазда ракIалдейищ кколеб бугеб жиндир хIинкъи кIудияб Къиямасеб къоялъ жал тIаде рахъине гьаризе гьечIо абун.**

يَوۡمَ يَقُومُ ٱلنَّاسُ لِرَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٦

**6. Гьаб къо буго киналго гIадамал жидер хIисаб-мизан гьабизе гьаб кинабго махлукъалъул БетIергьан Аллагьасда цере рахъунеб къо.**

كَلَّآ إِنَّ كِتَٰبَ ٱلۡفُجَّارِ لَفِي سِجِّينٖ ٧

**7. Жал хIинкъа абе гьал цIадиро-къали мукъсан гьабулел гIадамал, Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдаса!**

**ХIакълъунго жидеца Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъи гьабулел, жидер гIамал къабихIал гIадамазул гIамал хъварал кагътал бищунго**

**гIодобегIанаб сижжин абулеб бакIалда руго.**

**8. Дуда лъаларо, я гьав инсан, щиб жо бугеб гьеб сижин!** وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا سِجِّينٞ ⑧

**9. Жиб хъван тIубараб жиб хвезе гьабулареб ва хисизе гьабулареб квешал гIамалал тIад хъвараб кагъат букIунеб бакI буго гьеб.** كِتَٰبٞ مَّرۡقُومٞ ⑨
ЖужахIалъул бищунго гъоркьияб тIала буго абунги абуна.

**10.11. ЦIакъ квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIуна гьеб къоялъ жидеца ахират гьереси гьабулеллъун рукIарал капурзабазе.** وَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ⑩ ٱلَّذِينَ يُكَذِّبُونَ بِيَوۡمِ ٱلدِّينِ ⑪

**12. Гьеб ахиратги гьереси гьабуларо жив гIорхъолъан ворчIарав, гIасияв, пасикъав, жиндир мунагьал гIемерав чияс гурони.** وَمَا يُكَذِّبُ بِهِۦٓ إِلَّا كُلُّ مُعۡتَدٍ أَثِيمٍ ⑫

**13. Жиндие Дир Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ жинца абулев:**
**«Гьал руго цереселго гIадамаз ургъарал гьересиял къисаби» - абун.** إِذَا تُتۡلَىٰ عَلَيۡهِ ءَايَٰتُنَا قَالَ أَسَٰطِيرُ ٱلۡأَوَّلِينَ ⑬

**14. Жив хIинкъа абе гьав къосарав чи, гьадинаб рагIи абизе!** كَلَّاۖ بَلۡۜ رَانَ عَلَىٰ قُلُوبِهِم مَّا كَانُواْ يَكۡسِبُونَ ⑭
**Гьел гIадамал Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **инкар ккун чIеялъе сабаб буго жидер мунагьал гIемерлъун жидер ракIазда тIад квешаб хъал (кьаву) лъугьун букIин.** Гьеб рекIелъ щибго жо лъугьунеб гьечIо, гьелъ вагIза-насихIат къабул гьабулеб гьечIо.

**15. Гьал гIадамал жидер гIасилъи-пасикълъиялдаса русса абе!** كَلَّآ إِنَّهُمۡ عَن رَّبِّهِمۡ يَوۡمَئِذٖ لَّمَحۡجُوبُونَ ⑮
**Нагагь жидер куфру-ширкалда гьел хвани, х1акълъунго гьезда Къиямасеб къоялъ жидер БетIергьан Аллагь вихьуларо.** Гьезда гьоркьобе пардав рехун букIуна гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вихьулареб хIалалъ.

**16. Цингиги гьел х1акълъунго лъугьине гьарула жужахIалде жанире.** ثُمَّ إِنَّهُمۡ لَصَالُواْ ٱلۡجَحِيمِ ⑯

**17. Цинги гьездаги абула: «Гьаб буго нужеца жиб гьереси гьабулеб букIараб жужахIалъул гIазаб» - абун.** ثُمَّ يُقَالُ هَٰذَا ٱلَّذِي كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ⑰

18. Гьел квешал капурзабиги, жидер гIамал берцинал муъминзабиги цого даражаялда гьечIо тIадегIанав Аллагьасда аскIор! كَلَّآ إِنَّ كِتَٰبَ ٱلۡأَبۡرَارِ لَفِي عِلِّيِّينَ ⑱
**Х1акълъунго лъикIал муъминзабазул гIамал тIад хъварал кагътал тIадегIанал бакIазда руго.** ГIарщалда гъоркь руго гьел абун абуна

цо-цо гIалимзабаца. Гьеб буго ﴿عِلِّيِّينَ﴾ абураб раг1иялъул магIна.

**19. Дуда щибха лъала, я гьав инсан, гьеб ГIиллиюн щиб жо бугеб?** وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا عِلِّيُّونَ ١٩

**20. Гьеб буго лъикIал гIамалал жинда тIад хъван, жинда тIад хъвай хъваг1ай гьабурал муъминзабазул кагъат букIунеб бакI.** كِتَٰبٞ مَّرۡقُومٞ ٢٠

**21. Гьеб кагъаталъе нугIлъиги гьабула ва гьеб цIунун букIуна Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда гIагар гьарурал, жал хириял малаикзабаца.** يَشۡهَدُهُ ٱلۡمُقَرَّبُونَ ٢١

**22. ХIакълъунго дунялалъул рукъоб жидеца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамал ахиратaлда алжаналъул нигIматазда жанир рукIине руго.** إِنَّ ٱلۡأَبۡرَارَ لَفِي نَعِيمٍ ٢٢

**23. ЧIухIарал, рорхатал тахазда тIад гIодорчIун Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жидее кьурал берцинал ва гIемерал нигIматазда балагьун, гьездасан бер ва ракI бохун рукIуна.** عَلَى ٱلۡأَرَآئِكِ يَنظُرُونَ ٢٣

**24. Гьезул гьурмазда дуда бихьила ва лъала гьел нигIматазул берцинаб гIаламат ва рохалил нур.** تَعۡرِفُ فِي وُجُوهِهِمۡ نَضۡرَةَ ٱلنَّعِيمِ ٢٤

**25. Гьезие гьекъезе кьола жинда тIад мугьру чIвараб, жиб бацIцIадаб ва лазатаб гьекъел.** يُسۡقَوۡنَ مِن رَّحِيقٖ مَّخۡتُومٍ ٢٥
﴿رَّحِيقٖ﴾-абун жинда ц1ар бугеб, жиндир т1аг1ан-мах1 ц1акъ гьуинаб.

**26. Гьеб гьекъелалъул ахиралда мискалъул махI букIуна.** Дунялалъул гьекъолеб жо гIадаб кьогIаб, махI квешаб букIунаро, жиб гьекъараб мехалъ черхалдаго гьуин махI бахъунеб букIуна. خِتَٰمُهُۥ مِسۡكٞۚ وَفِي ذَٰلِكَ فَلۡيَتَنَافَسِ ٱلۡمُتَنَٰفِسُونَ ٢٦

**Гьаб бугоха лъикIаб жо тIалаб гьабулел гIадамал жиб тIалаб гьабизе цоцаздаса цере ккезе яхI бахъизе мустахIикъаб лъикIлъи!**

**27. Алжаналъул гьекъолел жалазда гьоркьоб тасним абулеб** жиб борхалъудаса чвахулеб **иццалъул лъимги жубан букIуна.** وَمِزَاجُهُۥ مِن تَسۡنِيمٍ ٢٧

**28. Гьеб буго Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда гIагар гьарурал, жидер даража-макъам тIадегIанал аварагзабаца** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ**, шагьидзабаца ва цогидал Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жал тIаса рищарал муъминзабаца жиндасан гьекъолеб алжаналъул гьекъел.** عَيۡنٗا يَشۡرَبُ بِهَا ٱلۡمُقَرَّبُونَ ٢٨

Гьеб гьекъел цогидаб алжаналъул агьлуялъе жидер гьекъолел жалазда гьоркьобе жубан кьола.

إِنَّ ٱلَّذِينَ أَجۡرَمُواْ كَانُواْ مِنَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ يَضۡحَكُونَ ﴿٢٩﴾

**29. Х1акълъунго дунялалда ругеб мехалъ куфру-ширкалда ругел гIадамал муъминзабазде тIад релъанхъулел рукIана.**

وَإِذَا مَرُّواْ بِهِمۡ يَتَغَامَزُونَ ﴿٣٠﴾

**30. Гьел муъминзаби жидеда аскIосан унеб мехалъ берал къинкIун цоцазде ишара гьабун, гьел махсароде гьарулелги рукIана.**

وَإِذَا ٱنقَلَبُوٓاْ إِلَىٰٓ أَهۡلِهِمُ ٱنقَلَبُواْ فَكِهِينَ ﴿٣١﴾

**31. Жидерго агьлу-хъизаназухъе гьел къосарал гIадамал рохун, жидее кеп щун тIад руссунелги рукIана.**

Муъминзабазда тIад релъанхъун, гьезие къварилъи гьабиялдаса мушриказе кIудияб лазат-кеп щолеб букIана, жидер рукъзабахъе щвараб мехалъги гьеб жидер къабихIаб гIамал жидер агьлу-хъизаналда бицун, гьелдаса кеп щун релъанхъулел рукIана.

وَإِذَا رَأَوۡهُمۡ قَالُوٓاْ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَضَآلُّونَ ﴿٣٢﴾

**32. Жидеда муъминзаби рихьараб мехалъ гьез абулеб букIана:**
**«Х1акълъунго гьал гIадамал руго жал къосарал гIадамал!» - абун.**

وَمَآ أُرۡسِلُواْ عَلَيۡهِمۡ حَٰفِظِينَ ﴿٣٣﴾

**33. Гьел капурзаби гьечIо муъминзабазул гIамалалал цIехезе ва гьезие хъаравуллъи гьабизе ритIарал гIадамал.**

Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинца муъминзаби цIунулев ва гьезул гIамал жинда лъалев.

فَٱلۡيَوۡمَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مِنَ ٱلۡكُفَّارِ يَضۡحَكُونَ ﴿٣٤﴾
عَلَى ٱلۡأَرَآئِكِ يَنظُرُونَ ﴿٣٥﴾

**34.35. Гьанже ахираталда муъминзаби руго алжаналда жанир чIухIарал тахазда тIад гIодорги чIун жужахIалде унел капурзабазда ралагьун гьезда тIад релъанхъулел.**

هَلۡ ثُوِّبَ ٱلۡكُفَّارُ مَا كَانُواْ يَفۡعَلُونَ ﴿٣٦﴾

**36. Гьел капурзабазул гIамалазда рекъараб жазаъ гьабичIищха Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие?**

Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIого, гьесда иман лъурал муъминзабазе къварилъи гьабун жал хьвадарал капурзабазе рекъараб гIазаб буго абадияб жужахIалъул гIазаб. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьезие гьеб гIазаб гьабуна.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги гьеб гIазаб тIад гьабулеб гIамалалдаса.
Суратул МутIафифиналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 84. Суратул Иншикъакъ

سُورَةُ الانشِقَاق

*Гьаб сурат рещтIине гьабуна «Суратул ИнфитIаралда» хадуб.* (82 аб. сурат).

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

إِذَا ٱلسَّمَآءُ ٱنشَقَّتۡ ١

1. **Къиямасеб къоялъул къварилъи-балагьалдаса хIинкъун зобал рихъун араб мехалъ**

وَأَذِنَتۡ لِرَبِّهَا وَحُقَّتۡ ٢

2. **Жал тIадегIанав Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялдаги мутIигIлъараб мехалъ. Гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ мутIигIлъизе хIакъаб ва тIадаб буго зобалазда,** ва цогидаб кинабго махлукъалдаги.

وَإِذَا ٱلۡأَرۡضُ مُدَّتۡ ٣

3. **Кинабго ракьги битIараб майданлъун лъугьараб мехалъ,**

وَأَلۡقَتۡ مَا فِيهَا وَتَخَلَّتۡ ٤

4. **Гьеб ракьалъ жинда жанир рукIарал гIадамалги жиндир мугъалда тIаде къватIире рехун жиб гьездаса ч1обоголъараб мехалъ.**

وَأَذِنَتۡ لِرَبِّهَا وَحُقَّتۡ ٥

5. **Гьеб ракьги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амруялъе мутIигIлъараб мехалъ, Гьедин мутIигIлъизе хIакъаб ва тIадаб буго гьеб ракьалда ва цогидаб кинабго махлукъалдаги.** Гьал гIаламатал жиндие ругеб Къиямасеб къо чIараб мехалъ лъазе буго капурав инсанасда кинаб гIазаб ва къварилъи жинда тIаде бачIунебали.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡإِنسَٰنُ إِنَّكَ كَادِحٌ إِلَىٰ رَبِّكَ كَدۡحٗا فَمُلَٰقِيهِ ٦

6. **Я гьав инсан! Х1акълъунго мун цIакъ гIамал гьабулевлъун, гьеб гIамал гьабулаго дуда гIакъуба къварилъи бихьулевлъунги вуго, мун хун дур БетIергьан Аллагьасде данде чIвазегIан. Ахирги мун гьев Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ данд чIвазе вуго ва дур хIисаб-мизан гьабун дур г1амалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго дуе.**

فَأَمَّا مَنۡ أُوتِيَ كِتَٰبَهُۥ بِيَمِينِهِۦ ٧ فَسَوۡفَ يُحَاسَبُ حِسَابٗا يَسِيرٗا ٨

7.8. **Жиндир гIамал хъварал кагътал кваранаб рахъалъан кьурал гIадамазул хIисаб цIакъ бигьаго ва хехго гьабула.**

وَيَنقَلِبُ إِلَىٰٓ أَهۡلِهِۦ مَسۡرُورٗا ٩

9. **Гьев алжаналда жанив жиндир агьлуялда аскIовеги вуссуна жив цIакъ вохаравлъун.**

БетIергьан Аллагьас жиндие кьураб кIудияб нигIмат ва гьесул цIобрахIму букIин лъан, гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ рецц гьабун вуссуна жив алжаналда жаниве.

وَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَٰبَهُۥ وَرَآءَ ظَهْرِهِۦ ﴿١٠﴾ فَسَوْفَ يَدْعُوا۟ ثُبُورًا ﴿١١﴾

**10.11. Ва амма жиндир гIамал хъварал кагътал мугъалда нахъаса жиндихъе кьурав чи гьеб къоялъ «Вай дие бугеб къварилъи!» - абун ахIдолев вукIуна.**

وَيَصْلَىٰ سَعِيرًا ﴿١٢﴾

12. Гьедин ахIделаго малаикзабаца гудрал-рахсаз вухьун вехъерхъун **жужахIалде жаниveги рехула.**

إِنَّهُۥ كَانَ فِىٓ أَهْلِهِۦ مَسْرُورًا ﴿١٣﴾

**13. Х1акълъунго гьев капурчи дунялалда жиндир агьлу-хъизангун цадахъ цIакъ вохун, рахIат-лазаталда вукIана.**

إِنَّهُۥ ظَنَّ أَن لَّن يَحُورَ ﴿١٤﴾

**14. Х1акълъунго гьесда ракIалдеги кколеб букIана жив тIаде вахъине гьавун Аллагьасде** جَلَّجَلَالُهُ **дандчIвазе гьечIо абун.**

بَلَىٰٓ إِنَّ رَبَّهُۥ كَانَ بِهِۦ بَصِيرًا ﴿١٥﴾

**15. Вуссине гьавизе вуго гьев Къиямасеб къоялъ жиндир БетIергьан Аллагьасде!
Х1акълъунго гьесул гIамал жинда лъалев ва бихьулев вуго гьев БетIергьан Аллагь.**

فَلَآ أُقْسِمُ بِٱلشَّفَقِ ﴿١٦﴾

**16. Бакъ тIерхьун хадуб букIунеб багIарлъиялхIаги абун гьедулев вуго Дун.**

وَٱلَّيْلِ وَمَا وَسَقَ ﴿١٧﴾

**17. СордоялхIаги, гьеб сардил бецIлъи жинда тIаде бачIараб жоялхIаги абунги гьедулев вуго.**

وَٱلْقَمَرِ إِذَا ٱتَّسَقَ ﴿١٨﴾

**18. Жиб цIун, жиндир нур камиллъараб моцIалхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

لَتَرْكَبُنَّ طَبَقًا عَن طَبَقٍ ﴿١٩﴾

**19. Ахираталда нужеда дандчIвазе руго** я гьал капурзаби **цоязда тIад цоял ругел балагьал ва къварилъаби.**

فَمَا لَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠﴾

20. Гьаб кинабго махлукъги бихьулеб бугелъул, гьелда жанир жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламаталги ругелъул, **гьал капурзабазе бугеб жо щиб бугеб гьез Аллагьасда** جَلَّجَلَالُهُ **иман лъечIого букIине ккани?**

وَإِذَا قُرِئَ عَلَيْهِمُ ٱلْقُرْءَانُ لَا يَسْجُدُونَ ۩ ﴿٢١﴾

**21. Жидее ТIадегIанав Аллагьасул калам Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьез суждаги щай гьабулареб?**

Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.

**22. Гьел капурзабазул тIабигIат-гIамалго буго жидеца гьереси гьабулел рукIин.** بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ يُكَذِّبُونَ ﴿٢٢﴾

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ аятал, къиямасеб къо бук1ин гьереси гьабулел руго гьел.

**23. Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ жинда лъалев вуго гьел капурзабаца рекIелъ жанир рахчун ругел аварагасде ﷺ ва муъминзабазде тущманлъи гьабулел пикраби.** وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا يُوعُونَ ﴿٢٣﴾

**24. Дуца гьезда рохел бице, МухIаммад ﷺ, жидее букIунеб жужахIалъул гIазабалдалъун. Жинца цIакъ унтизе гьабулеб,** жиб даимаб гIазаб буго гьеб. فَبَشِّرْهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢٤﴾

**25. Жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, аварагасда ﷺ нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе букIине гьечIо гьеб жужахIалъул гIазаб.** إِلَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍۭ ﴿٢٥﴾

**Гьезие букIине буго жиндалъун бадибчIвай гьабулареб, жиб даимаб Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ажру,** Гьеб буго нигIматазул алжан ва Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб алжан нилъее ризкъилъун гьабеги. Гьеб алжан щолеб гIамал гьабизе жинца тавпикъги гьабеги.

Суратул Иншикъакъалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецццги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 85. Суратул Буруж

سُورَةُ البُرُوجِ

*Маккаялда жиб рещтIине гьабураб, жинда жаниб къоло кIиго аят бугеб.*

*Гьаб сурат рещтIине гьабуна «Сурату Шшамсалда» хадуб.* (гьеб буго 91 аб. сурат).

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلسَّمَآءِ ذَاتِ ٱلْبُرُوجِ ﴿١﴾

**1. ЦIваби жиндилъ хьвадулел нухазул бетIергьанал зобалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ**.**

وَٱلْيَوْمِ ٱلْمَوْعُودِ ﴿٢﴾

**2. Жиб букIин хIакъаб, жиб букIине къотIи гьабураб Къиямасеб къоялхIаги абунги гьедулев вуго.**

وَشَاهِدٍ وَمَشْهُودٍ ﴿٣﴾

**3. Жинца нугIлъи гьабулеб ва жиндие нугIлъи гьабулеб жоялхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь.**

Гьаб аяталъе тафсир гьабун гIалимзабаца анцIила щуго батIияб нух бицана. Гьел нухазул бищунго машгьураб буго: жидеца уммутазе нугIлъи гьабулел аварагзаби عَلَيْهِمُ السَّلَامُ руго, жидее нугIлъи гьабулел умматал руго абураб. Цоги абуна: жинца нугIлъи гьабулеб гьаб МухIаммад аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ уммат бугин, жидее нугIлъи гьабулел цогидал киналго умматал ругин абун. Цоги абуна: жинца нугIлъи гьабулев МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ вуго, жиндие нугIлъи гьабулеб къо Къиямасеб къо буго абун. Цоги абуна: жинца нугIлъи гьабулел инсанасул лугби ругин, жиндие нугIлъи гьабулев гьев инсан вугин абун.

Гьаб гьа гьедун тIадегIанав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ квешаб дугIа гьабулеб буго жидеца хандакъал рахъун, гьениб жаниб цIа бакун муъминзабазе гIазаб гьабулел рукIарал капурзабазе:

قُتِلَ أَصْحَٰبُ ٱلْأُخْدُودِ ﴿٤﴾

**4. Гьел хандакъазул бетIергьабазде балагь щвайги ва гьезие Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **лагIнат буго!**

ٱلنَّارِ ذَاتِ ٱلْوَقُودِ ﴿٥﴾

**5. Гьел руго жидеца кутакаб цIа бакун букIарал.**

إِذْ هُمْ عَلَيْهَا قُعُودٌ ﴿٦﴾

**6. Гьеб цIа сверухъе хандакъазда тIад жал гIодорчIунги рукIарал.**

وَهُمْ عَلَىٰ مَا يَفْعَلُونَ بِٱلْمُؤْمِنِينَ شُهُودٌ ﴿٧﴾

**7. Цинги жал балагьун рукIарал жидер забаниятаз муъминзабазе гьабулеб бугеб**

**гIакъуба-гIазабалде.**

وَمَا نَقَمُوا۟ مِنْهُمْ إِلَّآ أَن يُؤْمِنُوا۟ بِٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَمِيدِ ﴿٨﴾

**8. Жидеда гьел муъминзабаздаса бихьараб щибго квешлъиги букIинчIо гьез иман лъун букIин гуреб жиндир къуват гуч бергьарав, жив веццарав, кинабго реццалъе мустахIикъав Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ.**

ٱلَّذِى لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ شَهِيدٌ ﴿٩﴾

**9. Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго киналго зобалазулги ракьалъулги ханлъи жиндие бугев.**

**Гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вуго жинда кинабго жо лъалев, жив лагъзадерил гIамалазе нугIлъун вугев.**

Къуръаналда жидер бицен гьабурал «АсхIабул ухдуд» абулеб къавмалъул бицун имам Муслимица бицараб халатаб хIадис буго. Гьелъул хIасил буго: Жинда Аллагь разилъаяв Ссугьайб асхIабас абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеда цере рукIарал умматазул цо ханасул сихIручи вукIана. Гьев сихIручи херлъараб мехалъ гьес ханасда абуна: «Дун гьанже херлъун вуго. Дуца цо гIолохъанав вас витIе дихъе, дица гьесда малъизе дида лъалеб сихIру» - абун. Ханас цо вас витIана гьев сихIручиясухъе гьесдаса сихIру лъазабизе абун.*

*Гьев вас унеб нухда цо рагьиб вукIана (Аллагьасе гIибадат гьабулев насранияб диналъул чи). Гьев вас гьев рагьибасда аскIов гIодов чIолаан ва гьес бицунеб хабар жиндие бокьулебги букIана. Гьедин сихIру лъазабизе хьвадулев вуго абун гьев васас дов рагьибасдаса гIелму босана. Цо нухалъ гьесда цо хIайван батана гIадамаз гьекъолеб лъималда аскIоб чIун, гьел гIадамал жинца лъималдаса нахъе чIвалеблъун. Дов васас абуна: «Гьанже хIал бихьизе буго дица гьав рагьибасул гIелмудай, яги дов сихIручиясул гIелмудай лъикIаб бугеб» - абун. Цинги гьев васас цо гамачI кодобе босана ва жинца абуна: «Я дир Аллагь! Гьав рагьибасул гIелму дуда аскIоб лъикIаб батани дов сихIручиясул гIелмуялдаса, дуца гьаб хIайван чIвае» - абун. Цинги жинца гьеб гамачI доб хIайваналда речIчIана ва гьеб хIайван хвана.*

*Рагьибасухъе вачIун гьеб хабар рагьибасда бициндал гьес абуна: «Я дир вас! Гьанже мун дидасаги хирияв вуго. Дуда загьирго гьаб гIелмуялъул гьунарги бихьун буго. Дуе цIакъ къварилъиги гьабизе буго, амма дуца цониги чиясда бицунге дир хабар!» - абун. Гьев васас унтарал гIадамал сах гьарулел рукIана. Гьеб хабар рагIана жив бецлъун вукIарав ханасул гIакълучиясда. Гьев гIемерал сайгъаталги*

*росун дов васасухъе ана ва жив сах гьаве абун гьарана. Гьев васас абуна: «Дица щивго чи сах гьавуларо, гьел гIадамал Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ сах гьарула. Дуца Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъуни, дица Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьарила мун сах гьаве абун». Цинги гьев чияс Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ иман лъуна ва дов васас Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гьарун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ гьев канлъи бихьулевлъун гьавуна.*

*Цинги гьев чи ханасда аскIове вачIараб мехалъ ханас абуна: «Мун лъица сах гьавурав?» - абун. Гьев чияс абуна: «Дир БетIергьанас сах гьавуна дун» - абун. Ханас абуна: «Дун гурев цоги бетIергьанищха дуе вугев?» - абун. Гьев чияс абуна: «Дирги дурги БетIергьан Аллагь вуго» - абун. Ханас гьесие гIемераб гIакъуба-гIазаб гьабуна жив сах гьавурав чи бице абун. Ахирги гьес дов вас вицана.*

*Гьев вас ханасухъе вачун вачIана ва гьесда ханас абуна: «Я гьав вас! Дуца цIакъ сихIру гьабизе лъазабун бугоха, дуца унтарал сах гьарулел руго, цогиги гIемерал гьунарал руго дур!» - абун. Гьев васас абуна: «Дица щивго чи сах гьавуларо. Гьел гIадамал сах гьарула дир БетIергьан Аллагьас!» - абун. Цинги ханас гьев васасеги гIемераб гIазаб гьабуна ва гьес дов рагьибасул хабар ханасда бицана. Гьев рагьиб ханасухъе вачун вачIана. Гьесда ханас абуна мун дур диналдаса вусса абун. Рагьиб диналдаса вуссинчIеб мехалъ ханас амру гьабун кIудияб хъухъадиро босун гIадамал риччана гьесул бетIералдаса эхеве гьев хъухъазе. Гьедин хъухъан кIиго бутIа гьабун гIодове рехана гьев рагьиб.*

*Хадуб ханас жиндир гIакълучиясда абуна мун вусса гьеб диналадса абун. Гьевги жиндир диналдаса вуссинчIеб мехалъ ханас амру гьабун гьевги хъухъан кIиго бутIа гьабун гIодове рехана. Цинги ханас гьев васасеги г1акъуба кьуна «мун дур диналдаса вусса»-абун. Жиндир диналдаса гьев вуссинчIеб мехалъ, ханас гьев борхатаб кьурдасан гIодове рехизе гIадамал ритIана. Гьел гIадамалги гьалаглъун гьев вас сах-саламатго ханасухъе вачIана. Хадуб гьев ралъдалъ гъанкъизавизе абун гамаги бачун гIадамал ритIана. Гьел гIадамалги гамагун цадахъ ралъдалъ гъанкъун, лъималда тIаса вилълъанхъун гьев вас гьанжеги сах-саламат ханасухъе вачIана.*

*Цинги гьев васас абуна: «Дуда кIоларо дун чIвазе, дица амру гьабураб иш дуца гьабун гурони» - абун. Ханас абуна: «Щиб жо бугеб дуца амру гьабулеб?» - абун. Васас абуна: «Дуца гIемераб халкъ данде гьабе, дунги цо гъветIалъул гIаркьелалда дализе гьаве. Цинги дуца дир чIорбутI кодобе босун, гьеб чIорбутIалда жаниб лъун, дида ишанги босун дуца абе: «Дица гьаб чIор рехулеб буго гьав васасул БетIергьан*

*Аллагьасул цIаралдалъун» - абун. Гьеб иш гьедин гьабуни кIвела дуда дун чIвазе» - абун.*

*Ханас гьев васас абураб хIалалъ гIемераб халкъ цо майданалде данде гьабуна ва чIорбутI кодобе босун Аллагьасул ﷻ цIарги бахъун чIор рехана. Гьеб чIор дов васасул къванщида (висок) щвана ва гьеб бакIалда кверги лъун гьев васги хвана. Гьаб иш бихьараб мехалъ гьеб халкъалъ абуна: «Нижеца иман лъуна гьав васасул БетIергьан Аллагьасда»- абун. Цинги ханасда бичIчIана жив жиндаса хIинкъун вукIараб иш лъугьараблъи: Гьеб кинабго халкъалъ Аллагь ﷻ цо гьавун гьесда иман лъей.*

*Гьеб мехалъ ханас амру гьабуна щибаб къотIноб кIудиял хандакъал рухъе абун, гьенир жанир кутакал цIаялги раке абун. Гьеб иш гьабун хадуб муъминзаби гьеб цIаялде аскIоре рачунел рукIана ва жал Аллагьасда ﷻ иман лъеялдаса руссинчIони, гьел цIадаре рехулел рукIана. Цо гьитIинаб лъимер кодоб ккурай чIужуги ячун ячIана гьеб цIаялде аскIое. Лъимералда ракI гурхIун гьей цIаялдаса нахъегIан къазе рекIиндал, гьеб лъимер кIалъана ва гьелъ абуна: «Я дир эбел! Дуца сабру гьабе, мун хIакъаб диналда йиго!»* - абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб гьаб хIадисалда жаниб гIемер мунпагIат бугел, жидедаса гIакълу ва вагIза босизе мустахIикъал рагIаби ва магIнаби руго. Жинца хIакъикъияб иман лъураб мехалъ гьев чиясе кинабго дунялалъул къварилъи, захIмалъи щибго кIвар гьечIеб жолъун сверулеб буго. Аллагьасул ﷻ дин загьир гьабизе гIоло жиндирго напс гьалаг гьабизе бегьиялъе далил буго гьаб хIадисалъулъ. Аллагьасул ﷻ диналде халкъ ахIулел гIадамазде дандчIвалел захIмалъабиги ва гьел хIехьезе кколел къагIидабиги рицун руго. Аллагьас ﷻ жиндие бокьарав чиясе карамат кьолеблъиги баян гьабун буго.

Т1адег1анав Аллагьас нилъее камилаб иман кьеги, жиндир диналъе г1оло рух1ги, боц1и-малги кьезе к1олеллъунги гьареги. Гьеб нухда хьвадулаго т1аде бач1араб г1акъуба-къварилъи баччизе саброги кьеги Амин.

**10. Х1акълъунго жидеца муъминал бихьиназе ва руччабазе питна гьабурал гIадамал:**

إِنَّ ٱلَّذِينَ فَتَنُوا۟ ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُؤْمِنَٰتِ ثُمَّ لَمْ يَتُوبُوا۟ فَلَهُمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ وَلَهُمْ عَذَابُ ٱلْحَرِيقِ ﴿١٠﴾

гьел жидер диналдаса руссине гьарурал,

гьезие гIазаб гьабурал, **цинги жидеца тавбуги гьабичIел – гьел гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIине буго жидер куфру-ширкалде данде. Гьезие жидеца муъминзаби цIадаре рехун рухIиялъул**

**гIазабги букIине буго.**

**11. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласда нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахал рукIине руго.** إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ لَهُمۡ جَنَّٰتٞ تَجۡرِي مِن تَحۡتِهَا ٱلۡأَنۡهَٰرُۚ ذَٰلِكَ ٱلۡفَوۡزُ ٱلۡكَبِيرُ ۝١١

**Гьеб бугоха цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб бахьи буголъи.**

**12. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагьасул ццим боси ва гIазаб гьаби цIакъ гучаб буго.** إِنَّ بَطۡشَ رَبِّكَ لَشَدِيدٌ ۝١٢

**13. Гьев Аллагь вуго жинца кинабго халкъ авалалда бижарав:** жидеда тIад таклиф лъун гьезул хIалбихьи гьабизе. **ва ахираталдаги гьеб гIалам тIаде бахъине гьабун жинда бусине гьабизе бугев:** гьезул хIисаб-мизан гьабизе ва гьезие жазаъ гьабизе. إِنَّهُۥ هُوَ يُبۡدِئُ وَيُعِيدُ ۝١٣

**14. Гьев Аллагь вуго жиндие муъминзаби цIакъ рокьулев ва жинца гьезул мунагьалги чурулев.** وَهُوَ ٱلۡغَفُورُ ٱلۡوَدُودُ ۝١٤

15. Жиндир кинабго махлукъалъул бищунго кIудияб ва гIажаибаб **ГIарщалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь.** ذُو ٱلۡعَرۡشِ ٱلۡمَجِيدُ ۝١٥

**Жиндир къадру ва гьунар кIудияв, кинабго жоялда тIад жиндир гуч бергьаравги вуго.**

**16. Жиндие бокьараб иш жиндие бокьараб хIалалъ гьабулевги вуго.** فَعَّالٞ لِّمَا يُرِيدُ ۝١٦

Жиндие бокьараб хIукму гьабулев ва гьеб тIубазе гьабулевги вуго. Жиндие бокьараб жоялдаса жив щибго жоялъ нахъе чIваларев вуго.

**17. Духье хабар бачIинчIищ, МухIаммад** ﷺ**, капурзабазул гIемерал боязул** هَلۡ أَتَىٰكَ حَدِيثُ ٱلۡجُنُودِ ۝١٧

**Аллагьасде инкар ккурал, ва аваргзабазде** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ **данде рагъ гьабизе жал къват1ире рахъарал?.**

**18. ПиргIавнил, самудиязул** ва цогидалги къавмазул. فِرۡعَوۡنَ وَثَمُودَ ۝١٨

Гьел цIакъ гучал ва гIемерал рукIана гьаб дур къавмалдаса, цингиги Аллагьас гьел гьалаг гьаруна. Гьезие гьабураб гIазаб гьаб дур къавмалъеги жинца гьабизе кIолев вуго дур БетIергьан Аллагь. Дуца сабру гьабе гьез дуе гьабулеб къварилъиялда ва дуда тIад къараб

рисалат тӀубазе гьабе.

**19. Гьел киналго къавмазул гӀадат буго жидеца Аллагьги** جَلَّجَلَالُهُ **аварагзабиги** عَلَيۡهِمُ ٱلسَّلَامُ**, ахиратги гьереси гьабулеб.** بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ فِي تَكۡذِيبٖ ١٩

Гьал Маккаялъул мушриказги вагӀза босулеб гьечӀо цересел умматал гьалаг гьариялдаса ва жидерго куфру-ширкалда ва авараг гьереси гьавиялда тӀад чӀун руго.

**20. Ва амма ТӀадегӀанав Аллагь вуго кинабго рахъалъан жив гьезда сверун лъугьун вугев. Гьесул гӀазабалдаса гьел рорчӀизе гьечӀо, гьезие лъутун рорчӀизе бакӀги гьечӀо.** وَٱللَّهُ مِن وَرَآئِهِم مُّحِيطُۢ ٢٠

**21. Гьел мушрикаца жиб гьереси гьабулеб бугеб жо жиндир къадру-къимат кӀудияб Къуръан буго.** بَلۡ هُوَ قُرۡءَانٞ مَّجِيدٞ ٢١

22. Анкьабго зобалда тӀад бугеб **ЛавхӀул-махӀфузалда жиб цӀунун бугебги буго.** فِي لَوۡحٖ مَّحۡفُوظِۭ ٢٢

Жиндие щибго хис-бас букӀунаро ва жиндие зарал гьабизе кӀолеб жоги букӀунаро, цохӀо Аллагьас жиндие бокьараб жо хисизе гьабун гурони.

Гьаб ЛавхӀул-махӀфузалъул бицен гьабун буго Сурату РрагӀдалъул (39) аяталда жанибги. Гьелъул хӀакъикъат лъазе нилъеда кӀоларо Аллагьас бицараб хӀалалъ гьелда иман лъун гурони.

Цо гӀалимзабаца абуна: ЛавхӀулмахӀфуз буго Аллагьас махлукъ бижун гьеб махлукъалъулъ гьабулеб кинабго тадбир ва хӀукму-къадар жинда тӀад хъвараб тӀехь. Аллагьас жиндие бокьараб жо гьеб ЛавхӀулмахӀфузалдаса хисизеги гьабула. «Уммул-китаб» абураб жо буго тӀадегӀанав Аллагьасул азалияб гӀелму лъай. Гьеб Уммул китабалде щивго чи ваккуларо, гьелда нахъ махлукъги регӀуларо, гьелъие щибго хис-басги букӀунаро. Гьеб рагӀи абулел гӀалимзабазул мурад буго «ЛавхӀул-махӀфуз» ва «Уммул-китаб» кӀиго батӀияб жо буго абураб.

Гьал г1алимзабазул раг1иялъул мисалги буго: Уммул китаб буго цо ханасда жиндир ханлъиялда гъоркь бугеб кинабго жо лъай, гьелъул маслахӀат, гьеб хьвадизе гьабулеб къагӀида лъай. ЛавхӀул-махӀфуз буго гьеб ханлъи хьвадизе гьабизе жинца бахъараб къанун (закон). Жиндие бокьараб мехалъ гьеб къануналде тӀаде жо цӀикӀкӀине гьабулеб, бокьани тӀаса бахъулеб, бокьани цо хӀукму хисун цогидаб х1укму хъвалеб.

Суратул Буружалъул тафсир ва таржама хъван тӀубана.

Кинабго рецц гӀадегӀанав Аллагьасе буго.

# 86. Сурату Т1ари́къ

سُورَةُ الطَّارِق

*Гъаб сурат рещтIине гьабуна «Суратул Баладалда» хадуб.* (Гьеб буго 90 абилеб сурат.)

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

وَالسَّمَاءِ وَالطَّارِقِ ۝١

**1. ЗобалхIаги абун, гьенир ругел къаси жал загьирлъулел, къад рахчун рукIунел цIвабиялхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَمَا أَدْرَاكَ مَا الطَّارِقُ ۝٢

**2. Дуда лъаларо, МухIаммад ﷺ, щиб жо бугеб ﴿ٱلطَّارِقُ﴾ абураб жо.**

النَّجْمُ الثَّاقِبُ ۝٣

**3. Гьеб буго жинца бецIлъаби рорлъун, жиндир нур загьирлъулеб цIва.**

إِن كُلُّ نَفْسٍ لَّمَّا عَلَيْهَا حَافِظٌ ۝٤

4. Гьаб гьа гьедун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго **цониги напс гьечIо жинда цадахъ Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ рахъалъан жив ц1унулев малаик гьеч1ого.**

فَلْيَنظُرِ الْإِنسَانُ مِمَّ خُلِقَ ۝٥

**5. Щивав инсанас пикру гьабеян абе жив щиб жоялдасадай вижана абун.**

خُلِقَ مِن مَّاءٍ دَافِقٍ ۝٦

**6. Гьев инсан вижана жиб кIанцIун бачIунеб, лъималда релъараб манидал къатIраялдаса.**

يَخْرُجُ مِن بَيْنِ الصُّلْبِ وَالتَّرَائِبِ ۝٧

**7. Гьеб мани къватIибе бачIуна бихьинчиясул гьодалда жанисава чIужугIаданалъул каранзул рукьбузда жанисанги.**

إِنَّهُ عَلَىٰ رَجْعِهِ لَقَادِرٌ ۝٨

**8. Х1акълъунго гьединаб загIипаб маниялдаса жинца инсан вижарав Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ, гьев инсан хун хадув тIаде вахъине гьавизе жиндир хIал кIолев вуго.**

يَوْمَ تُبْلَى السَّرَائِرُ ۝٩

**9. Киналго пардавалги рортун балъголъаби загьиралльун лъугьунеб къо буго гьеб къиямасеб къо.** Инсанасул рекIелъ рукIарал лъикIалги квешалги ниятагли загьирлъула, гьесул щиб гIакъида букIараблъиги загьирлъула.

فَمَا لَهُ مِن قُوَّةٍ وَلَا نَاصِرٍ ۝١٠

**10. Гьеб къоялъ инсанасул щибго къуват букIунаро жиндаса гIазаб нахъе чIвазе. Жинца гьесие квербакъи гьабулев чиги вукIунаро.**

وَالسَّمَاءِ ذَاتِ الرَّجْعِ ۝١١

**11. Жидедасан цоялда хадуб цогиги нухалъ цIадал чвахулел зобалхIаги абун гьедулев вуго**

**Аллагь** جَلَّجَلَالُهُ **.**

**12. Жиб бихъун, хъвалхьун гьеб цIад бараб мехалъ жиндасан къватIибе хур-хер бижулеб ракьалхIаги абунги гьедулев вуго.** وَٱلۡأَرۡضِ ذَاتِ ٱلصَّدۡعِ ﴿١٢﴾

**13. ХIакълъунго гьаб Къуръан буго жинца хIакъабги, батIулабги жо батIа гьабулеб, хIалалаб, хIарамаб жо баян гьабулеб тIадегIанав Аллагьасул калам.** إِنَّهُۥ لَقَوۡلٞ فَصۡلٞ ﴿١٣﴾

**14. Гьаб къуръан гьечIо гIададисеб, батIулаб, махсарояб жо жинца бицунеб тIехь.** وَمَا هُوَ بِٱلۡهَزۡلِ ﴿١٤﴾

**15. Х1акълъунго гьел мушрикаца дуе цIакъ макро хIила гьабулеб бугоха МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ **!** إِنَّهُمۡ يَكِيدُونَ كَيۡدٗا ﴿١٥﴾
Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нурлъун бугеб Къуръан гьереси гьабун, Гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ шаригIат босун вачIарав дудаги инкар ккун, мун гьереси гьавун.

**16. Дицаги гьабулеб буго гьезие цIакъ кIудияб макру.** وَأَكِيدُ كَيۡدٗا ﴿١٦﴾
Дица гьел тун руго жидерго купру-ширкалъулъ, жидер гIасилъи, пасикълъи гIемерлъизе, мунагьалги цIикIине. Цинги дие бокьараб мехалъ дица гьел гьалаг гьаризеги руго

**17. Дуца гьел капурзаби нахъе рахъун те МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**!** فَمَهِّلِ ٱلۡكَٰفِرِينَ أَمۡهِلۡهُمۡ رُوَيۡدَۢا ﴿١٧﴾
**Гьел хеккого гьалаг гьари тIалаб гьабуге дуца.** Дуда нахъа бихьизе буго кинаб гIазаб ва къварилъидай гьезда щвела абун.

Сурату ТIарикъалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго.

# 87. Суратул АгІла

سُورَةُ الأَعْلَىٰ

*Гъаб сурат рещтІине гъабуна сурату-Таквиралда хадуб.* Гъеб буго (81) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

سَبِّحِ اسْمَ رَبِّكَ الْأَعْلَى ۝١

**1. Жив кинабго жоялдаса ТІадегІанав ва кІудияв дур БетІергьан Аллагь вацІцІад гьаве, МухІамма ﷺ, гьесул заталда рекъоларел, гьесие мукъсанлъи бачІунел сипатаздасан.**

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб аят цІалараб мехалъ абулеб букІана «СубхІана рабиялагІла» абун.

الَّذِي خَلَقَ فَسَوَّىٰ ۝٢

2. Гьев БетІергьан Аллагь вуго жив вацІцІад гьавизе мустахІикъав ва жиндие лагълъи гьабизе тІадав:

**Жинца гьаб кинабго махлукъ бижарав ва гьелъул бижин камилго, берцинго гьабурав.** Кинабго жо цоцаде рекъезе гьабун, щибаб жоялъул маслахІат цІунарав.

وَالَّذِي قَدَّرَ فَهَدَىٰ ۝٣

**3. Щибаб жоялъе хІажатаб жо къадар гьабурав ва щибаб жо жиндие маслихІатаб жоялда тІобитІарав.**

Инсанасе, хІайваназе, хІата хур-хералъецин жиндир чІаголъи ц1унизе сабабал рекъезе гьарурав ва гьел сабабазда гьел кантІизе гьарурав. Хоноги бекун къватІибе бачІунеб тІинчІалда гьеб бакІалда батараб рухІчІаголъиялда гозо кІутІизе лъазе гьабурав. Алхул хІайваналъ гьабун гІодобе бортараб тІинчІ гьеб лахІзаталъ эбелалъул керен хахизе унеблъун гьабурав, цинги эбелгун цадахъ хьвадун рехъалъе унеблъунги гьабурав.

وَالَّذِي أَخْرَجَ الْمَرْعَىٰ ۝٤ فَجَعَلَهُ غُثَاءً أَحْوَىٰ ۝٥

**4.5. Жинца гІурччинаб, берцинаб хер-тІегь бижине гьабулев, цинги гьеб хер жиб бакъвараб, чІегІераб, турараб жолъун гьабун ракьалде гьарщизе гьабулев.**

سَنُقْرِئُكَ فَلَا تَنسَىٰ ۝٦

**6. Дица дуе гьаб хирияб Къуръаналъул аятал цІализе руго, МухІаммад ﷺ, дуда гьал аятал кІочонге ва дуца гьел ракІалда цІунун умматалъухъе щвезе гьаре!**

إِلَّا مَا شَاءَ اللَّهُ ۚ إِنَّهُ يَعْلَمُ الْجَهْرَ وَمَا يَخْفَىٰ ۝٧

**7. Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ кІочезе бокьараб, гьес цІали насхо гьабураб жо кІочела дуда.**

**XIакълъунго гьев Аллагь جَلَّجَلَالُهُ жинда лъалев вуго жиндир лагъзадерица загьирго гьабулеб ва бальго гьабулеб кинабго гIамал.**

**8. Дица дуе лъазабизе ва босизе бигьа гьабизе буго жиб цIакъ бигьаяб шаригIат.** وَنُيَسِّرُكَ لِلْيُسْرَىٰ ﴿٨﴾

Гьаб исламияб дин буго киналго Иллагьиял диназул бищунго бигьаяб дин.

**9. Дуца гьаб Къуръаналдалъун вагIза гьабе МухIаммад صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ, гьеб вагIзаялъ мунфагIат гьабулел гIадамазе.** فَذَكِّرْ إِن نَّفَعَتِ الذِّكْرَىٰ ﴿٩﴾

Гьелда гIенеккуларел, гьеб махсароде гьабулел гIадамазе гьабуге Къуръаналъул вагIза. Гьеб Къуръан жидее бичIине гIураб гIакъло гьечIел гIадамазеги гьабуге гьеб вагIза.

Гьаб аяталдаса бичIунеб буго гIелму-дин гIадамазда лъазе гьаби гьезул гIакълоялда рекъараб букIине кколеблъи. Жидер гIакъло камиллъичIел гIадамазда гIелмиял масъалаби рицунев чи жинца заман гIададе хвезе гьабулев чи вуго, жегиги гьеб гIелму гIададе хвезе гьаби буго.

**10. Гьеб Къуръаналъул вагIза босизе буго Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ жал хIинкъарал муъминзабаца.** سَيَذَّكَّرُ مَن يَخْشَىٰ ﴿١٠﴾

**11.12. Гьеб Къуръаналдаса рикIкIалъизе вуго жиндир бахьи къосарав, жив кIудияб жужахIалъул цIадаве рехулев чи.** وَيَتَجَنَّبُهَا الْأَشْقَى ﴿١١﴾ الَّذِي يَصْلَى النَّارَ الْكُبْرَىٰ ﴿١٢﴾

**13. Цинги гьев гьеб цIада жанивги вукIуна: жив хун хIалхьиги гьечIого, жив чIаго вуго абун рахIатги гьечIого.** ثُمَّ لَا يَمُوتُ فِيهَا وَلَا يَحْيَىٰ ﴿١٣﴾

**14. XIакълъунго жидер бахьи буголъарал ва лъикIлъиялда кверщел батарал руго жидеца иман лъун ва тавбо гьабун жидер напс бацIад гьабурал гIадамал.** قَدْ أَفْلَحَ مَن تَزَكَّىٰ ﴿١٤﴾

**15. Жидеца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гIемер рехсон гьесие какалги ралел.** وَذَكَرَ اسْمَ رَبِّهِ فَصَلَّىٰ ﴿١٥﴾

**16. Амма гьал капурзабаца дунялалъул чIаголъи тIаса бищун буго.** بَلْ تُؤْثِرُونَ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا ﴿١٦﴾

**17. Ахират буго жиб даимго нахъе хутIулеб ва жиб тIаса бищине лъикIаб рукъ.** وَالْآخِرَةُ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰ ﴿١٧﴾

Дунял буго цIакъ хехго жиб тIаса унеб, жинда щибго божи гьечIеб,

къокъабго заманалъул рукъ.

إِنَّ هَٰذَا لَفِي ٱلصُّحُفِ ٱلْأُولَىٰ ۝١٨

**18. Гьаб сураталда жанир жал рехсарал вагIзаби х1акълъунго цересел тIахьаздаги жал ругел вагIзаби руго.**

صُحُفِ إِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ ۝١٩

**19. Ибарагьим аварагасухъе ва Муса аварагасухъе** عَلَيْهِمَا ٱلسَّلَامُ **кьурал тIахьазда руго гьел вагIзаби.**

Гьаб бакIалда ﴿صُحُفِ﴾ абураб рагIиялдаса мурад буго Таврат гурел цогидал вагIза насихIат жидеда тIад хъварал хъарщал. Гьединаб анцIго хъарщи кьуна Муса аварагасухъе عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ абуна гIалимзабаца.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузарица бицана: Дица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана шал рукIарал Муса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ сухIуфал абун. Аварагас صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ абуна: *«Гьел киналго вагIза-насихIат букIана ва гIибрат (гIакъло) букIана»-абун. Гьезда хъван букIана: «Дица гIажаиблъи гьабула жив хвезе вукIин лъалев чи киндай воххула абун. Дица гIажаиблъи гьабула ахираталда жужахI букIин лъалев чи киндай велъулев абун. Дица гIажаиблъи гьабула гьаб дунялги гьелъул хис-басги жинда бихьулев чи гьаб дуняланда ракI хIалхьон киндай вукIуна абун. Жиндие Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *хIукму къадар букIин лъалев чияс гIакъуба-захIмат бихьизе гьабун черх щай свakaзе гьабулеб? Жинда хIисаб мизан букIине букIин лъалев чияс ахираталъе гIамал кин гьабулареб!»*-абун.

Суратул АгIлаялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
кинабго рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

# 88. Суратул Гъашият

سُورَةُ الغَاشِيَةِ

*Гъаб сурат рештIине гъабуна сурату Ззариятиялда хадуб.* Гьеб буго (51) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Духъе бачIаниц МухIаммад ﷺ, жинца киналго гIадамал ургъел къварилъиялъулъ ва кIудияб хIинкъиялъулъ тIерхьине гьарулеб къиямасеб къоялъул хабар.** هَلْ أَتَاكَ حَدِيثُ الْغَاشِيَةِ ﴿١﴾

**2. Гьеб къоялъ цо гIадамазул гьурамал рукIуна цIакъ Аллагьасе ﷻ хIелараллъун.** وُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ خَاشِعَةٌ ﴿٢﴾

**3. Жидеца захIматаб гIамал гьабулел, жидеда цIакъ гIакъуба бихьунелги рукIуна.** عَامِلَةٌ نَّاصِبَةٌ ﴿٣﴾

ЖужахIалда ругел гIадамал захIматаб гIамал гьабулел, жидеда цIакъ гIакъуба бихьунел рукIиналъул магIна буго. Гьел гIадамал жужахIалъул кIкIалахъе сверулел рукIин: Эхеда рахун гIодоре ун жидее гIазабалдаса рорчIине бакIго гьечIодай абун. Цоги аяталда бицун букIана гьел цIвакараб къедалдаса тIаде харулел рукIунин, гьеб къедалъул тIараде щолеб мехалъ хъиштIун жужахIалъуре роргун унин абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIаб Шамалда вачIараб мехалъ гьесда данде ккана Насраниязул рагьиб (динияв чи дибир) жив цIакъ херлъарав, жинда тIад чIегIераб ретIелги ретIарав. Гьев чи вихьараб мехалъ ГIумар асхIаб гIодана. Цинги гьесда цадахъ рукIараз абуна: «Мун щай гIодулев я Амирал муъминина! Гьев чи Насранияв вуго»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Г1умар асхIабас абуна: «Дида ракIалда щвана ТIадегIанав Аллагьасул рагIи: «Жидеца захIматаб гIамал гьабулел, жидеда цIакъ гIакъубаги бихьулел»-абураб ва дир ракI гурхIана гьав херав чиясда»-абун. Гьаб рагIиялъул магIна буго исламияб динги босичIого жив хIакъаб дин гьабулев вуго абун гIумруги ун, гIемер гIакъуба-къварилъиги бихьун, ахираталдаги гьев чи жужахIалда жанив вукIине вуго ва гьенивги гIакъуба-къварилъиялда вукIине вуго абураб.

Гьаб къокъаб къисаялда жаниб цIакъ гъваридаб магIна буго ва цIакъ кIудияб пайдаги буго. Г1емерал гIадамал руго жал Аллагь ﷻ цо

гьавун, авараг ﷺ ритIухъ гьавун, исламияб дин гьабулел абун ругел, амма жидер гIелмулъай гьечIого, гIадамаз ва щайтIабаз гуккун Аллагьасдехун жидеца ширк гьабулел, Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабулеб гIибадат бацIадго ва битIун гьабизе лъаларел. Гьал гIадамал гьаб ГIумар асхIабасул къисаялда бицараб рагIиялда гьоркьоре ккеялда хIинкъи буго ва гьел жидеца гьабураб гIамал гIададе хвараб, гьеб ахираталда жидеего балагьалъе сверулеблъун ратиялдаги хIинкъи буго. ЦIодорлъи гьабе я гьал бусурбаби! Кинабго жоялъул БетIергьан цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ вугелъул, нужер киналго хIажатал, анищал, хьулал ва къасдал гьав Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ руссине гьаре. Гьесул рахIматалда хьул лъун гIибадат гьабе, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хIарамаб жоги те!

Жидер иман загIипал, гьеб камиллъичIел гIадамазул гIадат буго ТIадегIанав Аллагьасе гьабулеб гIибадат-гIамал дунялалъул къагIидабазда борцунеб ва жидер дунялалъул умуразулъ жидеца хIалтIизе гьарулел нухал Аллагьасдехун гьабулеб гIамалалъулъги хIалтIизе гьарулеб.

Жидер иман камилал, жидер ракI Аллагьасулъ جَلَّجَلَالُهُ парахалъарал гIадамазе цохIо Аллагь جَلَّجَلَالُهُ гурев щибго жо бихьуларо. Гьез кинабго лъикIлъиги Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ тIалаб гьабула, кинабго дугIа-хIелиги гьев Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гьабула. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ халкъалда дин лъазабизе витIарав хирияв ХIабиб МухIаммадил ﷺ суннат лъазе гьабун, гьелда гIамалги гьабула, бидг1аял жалги тола.

Я БетIергьан Аллагь! Дуца тавфикъ гьабе мун разияб гIамал гьабизе.

**4. Ахиралда боркьараб жужахIалъул цIадареги лъугьине гьарула гьел гIадамал.** تَصْلَىٰ نَارًا حَامِيَةً ﴿٤﴾

**5. Гьезда цIакъ бухIараб махIцараб иццул лъимги гьекъезе гьабула.** تُسْقَىٰ مِنْ عَيْنٍ ءَانِيَةٍ ﴿٥﴾

**6. Гьезие жужахIалда жаниб тIагIам гьечIо цIакъ квешеб, загьрояб зазил тIагIам гурони.** لَّيْسَ لَهُمْ طَعَامٌ إِلَّا مِن ضَرِيعٍ ﴿٦﴾

**7. Гьеб тIагIамалъ гьезие черхалда рухIги бачIунаро, жидедаса ракъиги нахъ чIваларо.** لَّا يُسْمِنُ وَلَا يُغْنِي مِن جُوعٍ ﴿٧﴾

Гьеб тIагIам кванайго гIазаблъун букIина гьезие.

Хирияб Къуръаналда жаниб цо бакIалда абун буго жужахIалъул агьлуялъул тIагIам ﴿غِسْلِينٍ﴾ (хьверд, рецIцI) буго абун. Гьаб бакIалда абун буго квешаб загьрояб зазил хер буго абун ﴿ضَرِيعٍ﴾. Гьеб гьечIо Къуръаналъул рагIи цояб цоялда данде ккolареб букIиналъе гIаламат. Гьаб буго жужахIалъул гIазабал ва тIагIамал батIи-батIиял рукIиналъе,

жидее гIазаб гьабулел гIадамалги батIи-батIиял рукIиналъе гIаламат.

**8. Гьеб къоялъ цо гьурмал цIакъ берцинал, жидеда** وُجُوهٌ يَوۡمَئِذٖ نَّاعِمَةٞ ٨
**нур бугел, жал разиял рукIуна.**

**9. Жидеца дунялалда гьабураб гIамалалда** لِّسَعۡيِهَا رَاضِيَةٞ ٩
**разилъунги рукIуна.**

**10. ТIадегIанал алжаназульги рукIуна.** فِي جَنَّةٍ عَالِيَةٖ ١٠

**11. Гьел алжаназда жаниб щибаго гIададисеб** لَّا تَسۡمَعُ فِيهَا لَٰغِيَةٗ ١١
**хабарги рагIуларо.**

**12. Гьел алжаназда жаниса чIвахулел иццалги** فِيهَا عَيۡنٞ جَارِيَةٞ ١٢
**рукIуна.**

**13. Гьенир рорхатал, чIухIарал тахалги рукIуна.** فِيهَا سُرُرٞ مَّرۡفُوعَةٞ ١٣

**14. Гьенир алжаналъул гьекъолел жал гьекъезе** وَأَكۡوَابٞ مَّوۡضُوعَةٞ ١٤
**гIодорлъун** гIарац меседалъул **лълъаралги рукIуна.**

**15. Мухъал гьарун рекъезарун лъун хIулидал** وَنَمَارِقُ مَصۡفُوفَةٞ ١٥
**къандалъабиги рукIуна;** жидеда тIаде хьибил чIван
хIалхьи гьабизе.

**16. Гьенир цIакъ чIахIиял ва берцинал думалги** وَزَرَابِيُّ مَبۡثُوثَةٌ ١٦
**(тIансабиги) тIиритIун рукIуна.**

Гьал киналго нигIматал Аллагьас ﷻ хIадурун руго жив цо гьавун, авараг ﷺ ритIухъ гьавун лъикIаб гIамал гьабун жал хьвадарал муъминзабазе.

**17. Гьал Маккаялъул мушрикал кин** أَفَلَا يَنظُرُونَ إِلَى ٱلۡإِبِلِ كَيۡفَ خُلِقَتۡ ١٧
**ралагьуларел гьал варанабазда ва жидеца**
**пирку щай гьабулареб Аллагьас ﷻ киндай гьел рижун руго**
**абун.**

ГIарабиязе бищунго бокьулеб ва гьезул аслияб магIишат-яшав жидеда хурхарал жал варанаби ругелъул, ТIадегIанав Аллагьас гьел гIарабиязда абулеб буго: Гьал нужер щивасул рукъор ругел, нужеца жидедаса гIемер батIи-батIияб мунпагIатги босунел варанабазул пирку кин нужеца гьабулареб, нужеда Аллагьасул ﷻ къудрат ва хIалкIолъи бичIине. Гьел варанаби цIакъ къо хIехьолел, дагьабго квен-лъим гIолел, рикIкIадаб сапаралъ хьвадулел, гьит1инаб лъимералъеги жал мут1иг1ал хIайванал руго. Гьезда тIад къайиги лъун сапар гьабулаан гIарабияз даран базар гьабун магIишат тIалаб гьабизе. Гьезул рахьги гьекъола, квас-расги хIалтIизе гьабула, гьел хъун гьезул гьанги кванала.

**18. Гьал зобал киндай Аллагьас ﷻ тIаде** وَإِلَى ٱلسَّمَآءِ كَيۡفَ رُفِعَتۡ ١٨

**рорхун ругел абунги кин гьел балагьуларел.**

**19. Гьал мугIрул кин рахъун чIезе гьарун ругелги.** وَإِلَى الْجِبَالِ كَيْفَ نُصِبَتْ ﴿١٩﴾

**20. Гьаб ракь кин тIибитIун бугебги щай гьел гIадамаз хал гьабулареб ва гьелдаса вагIза насихIат ва гIибрат кин босунареб?** وَإِلَى الْأَرْضِ كَيْفَ سُطِحَتْ ﴿٢٠﴾

**21. Дуца гьел гIадамазе гьаб Къуръаналдалъун вагIза гьабе МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ !** فَذَكِّرْ إِنَّمَا أَنتَ مُذَكِّرٌ ﴿٢١﴾
**X1акълъунго мун вуго дуца вагIза гьабун гьеб къавм Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда ахIизе витIарав расул.**

**22. Мун гьезда тIаде тIамурав гьечIо гьезда хIал гьабун исламияб дин босине гьабизе.** لَّسْتَ عَلَيْهِم بِمُصَيْطِرٍ ﴿٢٢﴾

**23. Ва амма жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал, дур вагIза насихIаталдаса жал руссарал гIадамал абуни.** إِلَّا مَن تَوَلَّىٰ وَكَفَرَ ﴿٢٣﴾

**24. Гьезие Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ кIудияб гIазаб гьабизе буго.** فَيُعَذِّبُهُ اللَّهُ الْعَذَابَ الْأَكْبَرَ ﴿٢٤﴾

**25. X1акълъунго Диде буго гьел киналго гIадамазул ахираталда руссин.** إِنَّ إِلَيْنَا إِيَابَهُمْ ﴿٢٥﴾

**26. Ва дида буго гьезул хIисаб мизан гьаби ва гьезул щивасул гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие гьабиги.** ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا حِسَابَهُم ﴿٢٦﴾

Суратул Гъашияталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц буго ТIадегIанав Аллагьасе.

## 89. Суратул Фажр

سُورَةُ الفَجْرِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «сурату Ллайлиялда» хадуб.* Гьеб буго (92). абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Рогьалил гIужалхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIана Аллагь.** وَٱلْفَجْرِ ﴿١﴾

Сардил бецIлъи тIаса унеб, муъминчиясул ракI Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ хIелулеб, гьесда жиндир БетIергьанасул кIодолъи лъалеб гIуж буго гьеб.

**2. ЗулхIижа моцIалъул авалаб анцIго сордоялхIаги абунги гьедулев вуго.** وَلَيَالٍ عَشْرٍ ﴿٢﴾

Гьеб буго хIажизабаца хIаж бухьунеб ва хIажалда гьарулел гIамалал гьарулел сордал ва къоял. Цоги гIалимзабаца абуна: Рамазан моцIалъул ахираб анцIго сордо буго гьеб абун. Гьел сардазда жаниб Лайлатул къадри бугелъул ва гьеб тIалаб гьабун муъминзабаца гIибадат гIемер гьабулел сардалги ругелъул.

**3. Кинабниги кIирекъараб ва цо-цо бугеб жоялхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.** وَٱلشَّفْعِ وَٱلْوَتْرِ ﴿٣﴾

Цоги магIна буго: Жив цогояв Халикъасдалъун ва гьес бижараб махлукъалдалъунги гьедулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ абун.

**4. Жиб хьвадун унеб сордоялхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ .** وَٱلَّيْلِ إِذَا يَسْرِ ﴿٤﴾

**5. Гьаб гьа гьедиялда жаниб жиндир гIакъло бугев чиясе гIураб далил гьечIищха ТIадегIанав Аллагь цIакъ кIвар бугеб амроялдалъун кIалъалев вукIиналда?** Гьаб гьа гьедун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго жинца купру-ширкалъул агьлуялъе гIазаб гьабичIого теларо абун. Гьеб магIна бичIунеб буго гьалда хадур ругел аятаздаса: هَلْ فِي ذَٰلِكَ قَسَمٌ لِّذِي حِجْرٍ ﴿٥﴾

**6. Дуда бихьуларищ я гьав инсан, кинаб гIазаб гьабураб дур БетIергьан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ГIадил къавмалъе.** أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِعَادٍ ﴿٦﴾

**7. ЦIакъ рорхатал минаби ран рукIарал, Ирам абулеб бакIалда жалги рукIарал.** إِرَمَ ذَاتِ ٱلْعِمَادِ ﴿٧﴾

Гьаб буго Еменалъул ХIазрамавт ва ГIумман абулеб бакIала гьоркьоб бугеб ракь.

ٱلَّتِى لَمۡ يُخۡلَقۡ مِثۡلُهَا فِى ٱلۡبِلَـٰدِ ٨

**8. Гьеб къавм букIана жинда релъараб цоги ракьазда бижичIеб гIадаб, жидер кутакаб черх ва гучаб къуват бугеб къавм.** Гьадинаб кутакаб къавм гьалаг гьабурав Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб Маккаялъул агьлуги гьалаг гьабила абураб магIна буго гьаб аяталъул.

وَثَمُودَ ٱلَّذِينَ جَابُواْ ٱلصَّخۡرَ بِٱلۡوَادِ ٩

**9. «Вадил-къура»-абулеб бакIалда кьураби рорлъун, гьенир рукъзал гьарун рукIарал Самудиязул хабарги рагIичIиш дуда!**

وَفِرۡعَوۡنَ ذِى ٱلۡأَوۡتَادِ ١٠

**10. Жинца рорхатал сиял ран вукIарав пиргIавнилги, гьесул къавмалъулги хабарги рагIичIищ дуда!.**

ٱلَّذِينَ طَغَوۡاْ فِى ٱلۡبِلَـٰدِ ١١

**11. Гьал гIадамал рукIана жидеца ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел.**

فَأَكۡثَرُواْ فِيهَا ٱلۡفَسَادَ ١٢

**12. Гьез ракьалда тIад гIемераб пасалъи гьабуна.**

فَصَبَّ عَلَيۡهِمۡ رَبُّكَ سَوۡطَ عَذَابٍ ١٣

**13. Цинги дурр бет1ергьан Аллагьас гьезда тIаде гIазабги биччан тана.** Щибаб къавм батIи-батIияб гIазабалдалъун гьалаг гьабуна Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ.

إِنَّ رَبَّكَ لَبِٱلۡمِرۡصَادِ ١٤

**14. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь жиндир лагъзадерил гIмалазе хъаравуллъи ккурав вуго.** Гьесдаса щибго жо бальго хутIуларо ва ахираталда щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула.

فَأَمَّا ٱلۡإِنسَـٰنُ إِذَا مَا ٱبۡتَلَىٰهُ رَبُّهُۥ فَأَكۡرَمَهُۥ وَنَعَّمَهُۥ فَيَقُولُ رَبِّىٓ أَكۡرَمَنِ ١٥

**15. Амма цо инсанасул жиндир БетIергьан Аллагьас лъикIлъиялдалъун хIал бихьи гьабураб мехалъ, гьесие нигIматалги кьураб мехалъ, гьев хираги гьавураб мехалъ:**

**Ханлъи кьун, къадро къимат кIодо гьабун, гьев инсанас абулеб буго: Дун дир БетIергьанас кIодо гьавун вугоха абун.** Гьеб кIодо гьавиги жив кIодо гьавизе мустахIикъав вукIун гьавурав вуго абун. Гьев инсанасда лъаларо Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие бечелъиги, ханлъиги кьун букIин жиндир хIал бихьизе. Жинца щукру гьабуладай абун.

وَأَمَّآ إِذَا مَا ٱبۡتَلَىٰهُ فَقَدَرَ عَلَيۡهِ رِزۡقَهُۥ فَيَقُولُ رَبِّىٓ أَهَـٰنَنِ ١٦

**16. Ва амма гьев инсанасул Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ризкъи къварид гьабун хIал бихьи гьабураб мехалъ гьес абулеб буго дир**

**БетIергьанас дун гIодовегIан гьавун вугоха абун.** Гьесда лъалеб гьечIо жинца сабро гьабизе кколеблъи ва Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ вуссине кколеблъиги. Гьал сипатал руго Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ инкар ккураб къавмалъул сипатал.

**17. Гьел капурзабаца абухъин гьечIо амро!** كَلَّاۖ بَل لَّا تُكۡرِمُونَ ٱلۡيَتِيمَ ۝١٧
Цо чиясе боцIи-мал кьей гьев хира гьави гьечIо, цогидасе кьечIого тейги гьев гIодовегIан гьави гьечIо. Инсан гIодовегIан гьавулеб ва гьев тIадегIан гьавулеб жо буго гьев жиндир БетIергьан Аллагьасда мутIигIлъиги, гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъиги.

**Нужеца (капурал гIадамаца) Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужее кьараб ризкъиялдаса ятимзабазе напакъа ва садакъа кьолеб гьечIо.**

**18.** Нужеца мискин пакъирасе тIагIам кьолеб гьечIо, **цогидазда гьеб тIагIам кьеян абун абулебги гьечIо.** وَلَا تَحَٰٓضُّونَ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلۡمِسۡكِينِ ۝١٨

**19. Нужеца ирсалъе щвараб боцIи-малги цIакъ хъантIун кваналеб буго.** وَتَأۡكُلُونَ ٱلتُّرَاثَ أَكۡلٗا لَّمّٗا ۝١٩
Гьеб ирс шаргIалда рекъон гьабулеб гьечIо, гьелъул хIарамлъи ва хIалаллъи цIехолеб гьечIо.

**20. Нужее дунялалъул боцIиги цIакъ бокьулеб буго.** وَتُحِبُّونَ ٱلۡمَالَ حُبّٗا جَمّٗا ۝٢٠
Гьеб данде гьабизе цIакъ яхI бахъулеб буго, гьелдаса закат-сахI ва садакъа кьолеб гьечIо.

**21. Нуж кантIе я гьал гIадамал ва нуж нахъе чIвай гьел кIудиял мунагьал гьариялдаса!** كَلَّآۖ إِذَا دُكَّتِ ٱلۡأَرۡضُ دَكّٗا دَكّٗا ۝٢١
Нужеда тIаде бачIине бугеб амро цIакъ кIудияб, жиндир хIинкъи кутакаб буго. **Кутакаб багъариялдалъун ракь багъарараб мехалъ.**

**22. Ва дур БетIергьан Аллагьги вачIараб мехалъ халкъалъул хIисаб мизан гьабизе.** وَجَآءَ رَبُّكَ وَٱلۡمَلَكُ صَفّٗا صَفّٗا ۝٢٢
**Ва мухъал гьарун малаикзабиги рачIараб мехалъ.**

**23. Ва гьеб къоялъ жагьаннамаги бачун бачIуна купру-ширкалъул гIадамазда жиб бихьулеб бакIалда.** وَجِاْيٓءَ يَوۡمَئِذِۭ بِجَهَنَّمَۚ يَوۡمَئِذٖ يَتَذَكَّرُ ٱلۡإِنسَٰنُ وَأَنَّىٰ لَهُ ٱلذِّكۡرَىٰ ۝٢٣
**Гьеб мехалъ инсанасда ракIалда щвела жинца дунялалда гьабураб кинабго гIамал.**
Гьев цIакъ пашманлъула жинца Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат гьабичIого теялда. **Ва амма гьесие щибго мунпагIат гьабуларо гьеб**

**къоялъ жинца пашманлъи загьир гьабиялъ.**

**24. Капурав инсанас абула:** يَقُولُ يَٰلَيۡتَنِي قَدَّمۡتُ لِحَيَاتِي ﴿٢٤﴾
**«Вай аман Аллагь дица гьаб абадияб ахираталъул чIаголъиялъе батулеб лъикIаб гIамал гьабун букIараб анищ!»-абун.**

**25. Гьеб къоялъ Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жинда гIасилъаразе гьабулеб г1адаб гучаб гIазаб цоги щивниги чияс гьабуларо.** فَيَوۡمَئِذٖ لَّا يُعَذِّبُ عَذَابَهُۥٓ أَحَدٞ ﴿٢٥﴾

**26. Гьев Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гIадин маххул гудраздалъун ва рахсаздалъун цоги щивго чияс рухьизеги рухьуларо.** وَلَا يُوثِقُ وَثَاقَهُۥٓ أَحَدٞ ﴿٢٦﴾

27. Муъминчиясул напсалда хитIаб гьабун гьеб къоялъ абула: يَٰٓأَيَّتُهَا ٱلنَّفۡسُ ٱلۡمُطۡمَئِنَّةُ ﴿٢٧﴾
**«Я Гьаб Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеялъулъ хIалхьон букIараб нафс!**

**28. «Мун дур БетIергьан Аллагьасде бусса: мун Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **разияблъун, гьес дуе кьурал алжаназул нигIматазда. Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **дудасаги разиявлъун, дуца гьев цо гьавун гьесдаса хIинкъун гIибадат гьабиялдалъун».** ٱرۡجِعِيٓ إِلَىٰ رَبِّكِ رَاضِيَةٗ مَّرۡضِيَّةٗ ﴿٢٨﴾

**29. «Мун лъугьа Дун разиял Дир лагъзадерида гьоркьов!»** فَٱدۡخُلِي فِي عِبَٰدِي ﴿٢٩﴾

**30. «Ва мун лъугьа дир нигIматазул рукълъун бугеб алжаналда жанивги»-абун.** وَٱدۡخُلِي جَنَّتِي ﴿٣٠﴾

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб макъамалда щолеб гIамал гьабизе тавфикъ гьабеги! Амин.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул Фажралъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецщги ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 90. Суратул Балад

سُورَةُ البَلَدِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «сурату Къафалда» хадуб.* Гьеб буго (50) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1. **Дун гьедулев вуго** жиндир хIурмат кIудияб, жинда жаниб КагIба рукъ бугеб **Макка шагьаралхIаги абун.**

لَآ أُقْسِمُ بِهَٰذَا ٱلْبَلَدِ ﴿١﴾

2. **Гьаб шагьаралда жанив чIарав вуго, МухIаммад** ﷺ **мунги.**

وَأَنتَ حِلٌّۢ بِهَٰذَا ٱلْبَلَدِ ﴿٢﴾

Кинабго халкъалдасаго тIаса вищарав, Аллагьасе ﷻ бищунго хирияв МухIаммад ﷺ гьеб шагьаралдаса вукIиналдалъунги хирияб буго Макка шагьар. Гьаб рагIиялъ загьир гьабула цо бакIалдалъун инсанасул къадро хиралъи цIикIунареблъи. Гьев инсан жиндилъ вукIиналдалъун, гьеб бакIалъул хиралъи цIикIунеблъи. Цоги магIна гьабуна: «Дуе хIалалаб буго МухIаммад ﷺ гьаб МаккахIарамалда жаниб дуе бокьараб жо гьабизе»-абун. Гьеб бук1ана Макка бахъулеб соналъ.

3. **Адам аварагасдалъун** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **ва гьесул муъминаб зурриялдалъунги гьедулев вуго дун.**

وَوَالِدٍ وَمَا وَلَدَ ﴿٣﴾

ТIадегIанав Аллагь гIодобегIанаб, хIакъираб жоялдалъун гьедуларо. Капурзаби жидее щибго къимат гьечIел руго, гьездалъун гьа гьедиги букIунаро.

4. **ХIакълъунго Дица инсан вижана кидаго жив захIмалъиялда ва къварилъиялда жанив вукIуневлъун.**

لَقَدْ خَلَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ فِى كَبَدٍ ﴿٤﴾

Гьесда эбелалъул чохьонив вукIун рухI лъураб лахIзаталдаса бай бихьун, ахираб гьесул рухI босулеб сагIатги, гьелда гьоркьоб бугеб кинабго заманги инсан къварилъиялда вукIунеб буго. Гьесие щиб бугониги жо камичIеб заман букIанаро, гьесдаса ургъел тIаса араб гIужги букIунаро. Аллагь ﷻ жидеда лъалел муъминзаби Аллагьасда ﷻ цере чIеялъул, гьениб жидер букIунеб хIалалъул ургъел-къварилъиялда рукIуна. Капурзаби дунялалъул ургъел къварилъиялда рукIуна. Мискинчи жиндир рухI борчIине ризкъи тIалаб гьабиялъул ургъелалда вукIуна, бечедав чи гьеб бечелъи бахчиялъул, цIуниялъул ургъалида вукIуна. ГIемер батIияб унтиги букIуна, зулму-хIалги

букӀуна, бальгоял ва загьирал балагьалги рукӀуна.

Гьаб аят рештӀине гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе Маккаялъул мушриказ гӀемер къварилъи гьабулеб букӀиндал, гьесул ракӀ парахат гьабун, гьеб къварилъи ва ургъел баччине, гьелда сабро гьабизе гьесул ракӀ хӀалхьезе гьабун. Аллагьасдаги ﷻ, ахираталдаги инкар ккун чӀарал капурзабазул хӀал бицун ТӀадегӀанав Аллагьас абулеб буго:

**5. Гьев инсанасда ракӀалдейищ кколеб бугеб жиндир къуват-гуч букӀун,** أَيَحْسَبُ أَن لَّن يَقْدِرَ عَلَيْهِ أَحَدٌ ۝٥

**жив бечедав, тухум-кьибил кӀудияв вукӀун жиндие гӀазаб гьабизе Аллагьасул ﷻ хӀал кӀоларо абун?** Гьедин гьеч1о амро Аллагьас ﷻ гьесие рекъараб г1азаб гьабизе буго.

Гьаб аят рештӀине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Макка шагьаралда «Абул-Ашадд» абун цӀакъ кутакав, къуватав чи вукӀана. Гьес жиндир хӀатӀазда гъокь цо цӀоко (шкура) лъолеб букӀана ва жинца абулеб букӀана: «Гьаб цӀоко дир хӀатӀазда гъоркьан бахъизе кӀарав чиясе сайгъат кьезе буго»-абун. Цинги гьеб бахъине абун чанго чи тӀаде лъугьараб мехальги гьезда гьеб бахъизе кӀолеб букӀинчӀо тӀутӀун, бихъ-бихъун бачӀун гурони. Гьав абул-Ашадги, гьесда релълъаралги Аллагьас ﷻ рижарал гьесул лагъзал руго. Гьезие гӀазаб гьабизе Аллагьасул ﷻ хӀал кӀолеб букӀинги щибго щаклъи гьечӀеб амро буго.

**6. Гьединго жив капурав, чӀухӀарав инсанас абулеб буго:** يَقُولُ أَهْلَكْتُ مَالًا لُّبَدًا ۝٦

**«Дица цӀакъ гӀемераб боцӀи-мал гьалаг гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв МухӀаммадие ва гьесда иман лъурал муъминзабазе зарал гьабизе гӀоло»-абун.**

**7. Гьав чиясда ракӀалдейищха кколеб бугеб гьеб жинца гьабураб гӀамал ТӀадегӀанав Аллагьасда бихьичӀо ва лъаларо абун?** أَيَحْسَبُ أَن لَّمْ يَرَهُۥٓ أَحَدٌ ۝٧

Гьелда данде жиндие ахираталда гӀазабги гьабиларо абун? Гьав чиясда ракӀалда кковухъин гьечӀо амро. ТӀадегӀанав Аллагь жинда бихьулев ва лъалев вуго гьесулги, цогидаб кинабго халкъалъуги гӀамал, ахираталда щивав инсанасе жиндир гӀамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**8. Дица гьев инсанасе кӀиго бер гьабун буго гурищ жинда лъикӀабги квешабги жо бихьине.** أَلَمْ نَجْعَل لَّهُۥ عَيْنَيْنِ ۝٨

**9. Гьеб бихьараб жоялдаса бицине ва гьикъизе кӀиго кӀветӀги, мацӀги гьабун буго гурищ!** وَلِسَانًا وَشَفَتَيْنِ ۝٩

**10. КIиго батIияб нухги гьабун гьелъул лъикIалаб тIаса бищизе гIакъло-лъай кьун гьесие тIоритIелги гьабун буго гурищ?:** Гьев инсанас гьал нигIматаздаса мунпагIат щай босулареб ва жиндир БетIергьан Аллагь лъан гьесие гIибадат гьабун, гьев разилъи тIалаб гьабун кин хьвадуларев? وَهَدَيْنَٰهُ ٱلنَّجْدَيْنِ ﴿١٠﴾

**11.** Гьав капурав инсан Аллагьасул аварагасе ﷺ заралалъе жиндир боцIи мал гьалаг гьабулев вукIинчIого **Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун захIматаб нухалде тIаде щай кIанцIичIев, гьенив щай вортичIев?** فَلَا ٱقْتَحَمَ ٱلْعَقَبَةَ ﴿١١﴾

**12. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан! Гьеб инсанасе жиб цIакъ захIматаб нух щиб бугеб ва гьелъул ажро-кири кигIан гIемераб бугеб?** وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا ٱلْعَقَبَةُ ﴿١٢﴾

**13. Гьеб захIматаб нух буго Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабун лагъзал тархъи.** فَكُّ رَقَبَةٍ ﴿١٣﴾

Дунялалъул рукъов лагълъиялдаса жинца цо чи хвасар гьавурав чи ахираталда Аллагьас ﷻ жиндир гIазабалдаса хвасар гьавула.

Гьаб дунялалъул рукъор купру-ширкалъул, гьава напсалъул, щайтIабазул лагълъиялда бугеб халкъ гьеб лагълъиялдаса хвасар гьабун исламияб диналда ахIулев, гьезда иманалъул нур бихьине гьабулев чиясе цIакъ кIудияб ажро-кири букIуна! Унго-унго купруялъул лагълъиялда гьокь ругел бусурбаби гьеб лагълъиялдаса рахъиналъе хIалтIарал мужагьидазе, гьеб нухда жидер рухI кьурал шагьидзабазе цIакъго тIадегIанал даражаби рукIуна!

Исламияб диналъ кидаго ахIи балеб буго лагъ тархъе абун ва гьеб цIакъ ажро-кири бугеб иш букIин баянги гьабун буго. Гьаб аятги гьелъие бищунго кIудияб хIужа ва далил буго.

**14. Яги ракъи-къеч бергьараб къо тIаде бачIараб мехалъ жиндир хIажат цIакъго цIикIарав, жиндир пакъирлъи кIудияв чиясе тIагIам кьейги буго гьеб захIматаб нух.** أَوْ إِطْعَٰمٌ فِى يَوْمٍ ذِى مَسْغَبَةٍ ﴿١٤﴾

Живгоги гьеб тIагIамалда хIажатав вукIун, жиндир нафсалдаса цогидаб нафс тIаса бищун, гьеб нафс хвасар гьабизе тIагIам кьей буго цIакъго иман камилал муъминзабазул сипат.

**15. Жинда гIагарлъи хурхарав ятимасе кьела гьеб тIагIам.** يَتِيمًا ذَا مَقْرَبَةٍ ﴿١٥﴾

**16. Яги жив цIакъго мискинав, жиндир щибго магIишат гьечIев, ракьалда тIад вегун вугев чиясе кьела гьеб тIагIам.** أَوْ مِسْكِينًا ذَا مَتْرَبَةٍ ﴿١٦﴾

ثُمَّ كَانَ مِنَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَتَوَاصَوْا۟ بِٱلصَّبْرِ وَتَوَاصَوْا۟ بِٱلْمَرْحَمَةِ ﴿١٧﴾

17. Гьаб захIматаб нухда жив лъугьарав чи Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъун, **Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун гьеб лъикIаб гIамал гьабулевлъунги жив вугев.**

Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иман лъечIого гьабураб лъикIаб гIамалалъул ахираталда щибго мунпагIат букIунаро. **Жидеца цо-цаде амровасиятги гьабулел Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло лъикIаб гIамал гьабиялда тIад чIун сабро гьабе абун ва муъминзабаца цо-цаде гурхIелрахIмоги гьабе абун.**

أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْمَيْمَنَةِ ﴿١٨﴾

**18. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго ахираталда жидер гIамал хъварал кагътал квараниса кьолел ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жал алжаназда жанирги лъугьине гьарулел.**

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا هُمْ أَصْحَٰبُ ٱلْمَشْـَٔمَةِ ﴿١٩﴾

**19. Гьаб дир Къуръаналъул аятазда жидеца инкар ккурал гIадамал жидехъе гIамал хъварал кагътал квегIаб рахъалдаса кьолел руго.**

عَلَيْهِمْ نَارٌ مُّؤْصَدَةٌۢ ﴿٢٠﴾

**20. Гьезие жиб абадияб жужахIалъул цIаялъул гIазабги букIине буго:**

**Жидеда тIад тIалъел лъун бугеб гIадин жал гьенир жанир лъугьине гьарулеб,** жидее щибго къватIибе нухги букIунареб.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги гьаб гIазаб тIад гьабулеб гIамал гьабиялдаса!

Суратул Баладалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 91. Сурату Щамс

سُورَةُ الشَّمْسِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул Къадрияда» хадуб,* гьеб буго (97) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

وَالشَّمْسِ وَضُحَاهَا ۝١
**1. БакъалхIаги абун, гьелъул гвангъараб, кинабго жоялда гIамлъараб, жинца бецIлъаби нахъе ине гьабураб нуралхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَالْقَمَرِ إِذَا تَلَاهَا ۝٢
**2. Гьаб бакъ ун хадуб сардилъ жинца нур базе гьабулеб моцIалхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَالنَّهَارِ إِذَا جَلَّاهَا ۝٣
**3. Жинца кинабго гIаламалъе канлъи ва нур загьир гьабураб къоялхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَاللَّيْلِ إِذَا يَغْشَاهَا ۝٤
**4. Жинца кинабго гIалам жиндир бецIлъиялдалъун бахчараб сордоялхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَالسَّمَاءِ وَمَا بَنَاهَا ۝٥
**5. Гьаб зобал рижараб ва гьел тIадегIан рорхараб Дир къудраталхIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

وَالْأَرْضِ وَمَا طَحَاهَا ۝٦
**6. Гьаб ракь бижараб ва гьеб тIибитIун босен гIадин гьабун жинда тIад яшав гьабизе мустахIикъаблъун гьабураб дир къудраталдалъунги гьедулев вуго Дун.**

وَنَفْسٍ وَمَا سَوَّاهَا ۝٧
**7. Гьав инсанасул жиб камилго бижараб нафсалдалъун, гьелъие кьун ругел мухIканал лугби, камилаб гIакъло, жинца лъикIаб-квешаб жо батIа гьабизе рес бугеб гIелму лъаялдалъунги гьедулев вуго Дун.**

فَأَلْهَمَهَا فُجُورَهَا وَتَقْوَاهَا ۝٨
**8. Гьеб нафсалъе баян гьабун буго ва гьеб жиндир хIал кIолеблъун гьабун буго жиб Аллагьасде جَلَّ جَلَالُهُ гIасилъулел квешал нухалги, жинда Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъулел лъикIал нухалги жинда лъазе ва гьезул жиндие бокьаралаб тIаса бищине.**

Тафсир гьабулел гIалимзабаца абуна: ТIадегIанав Аллагь гьаб анкьго махлукъалдалъун гьедана, гьел ругелъул Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ вукIиналда, гьев цогояв, жиндир къудрат-гуч бергьарав вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел гIаламатал. Гьал гIаламатал ратун ругелъул, гьезул гIажаибаб

гIуцIи ва камилаб тадбир гьабунги бихьулеб бугелъул, гьелъ инсан тIовитIула гьаб кинабго махлукъ бижарав, гьелъул тадбир гьабулев цо Халикъ вукIиналда.

Гьев Халикъ жиндир БетIергьан Аллагь вукIин лъарав инсанасда лъазе тIадаблъун букIуна гьаб камилаб гIакъло лъайги кьун, гьал гIемерал нигIматалги кьун Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жив гIададаго вижун гьечIеблъи, гьев Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ жинда тIад цо кинаб бугониги таклиф букIин (тIадкъай). Гьеб таклиф щибдай бугеб абун ургъарав инсанасе жаваб кьолеб жолъун буго гьаб хирияб Къуръанги. Гьеб Къуръан жинде рештIине гьабун гьеб умматалъухъе щвезе гьабе абун жинда таклиф гьабун витIарав хирияв аварагги ﷺ .

Гьаб хирияб Къуръаналда жаниб абулеб буго: «Дица гIадамалги жиналги рижичIо дие гIибадат гьабизе гIоло гурони»-абун Хадубги абулеб буго гьев ТIадегIанав Аллагь нилъеца гьабулеб гIибадаталда жиндир щибго хIажалъи бугев гьечIин, гьеб гIибадат инсанас жиндир абадияб ахираталда жив гIазабалдаса хвасарлъун, Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ рахIмталъулъ вукIиналъе гIоло гьабизе кколин абун.

Гьаб анкьго кIудияб махлукъалдалъун жинца гьаги гьедун ТIадегIанав Аллагьас гьелъие жаваб гьабун абулеб буго:

قَدۡ أَفۡلَحَ مَن زَكَّىٰهَا ٩

**9. ХIакълъунго жиндир абадияб лъикIлъиялда кверщел батарав чи вуго жинца гьеб нафс купру-ширкалъул чороклъиялдаса бацIад гьабун иман-исламалъул нуралдалъун гвангъизе гьабурав чи.**

وَقَدۡ خَابَ مَن دَسَّىٰهَا ١٠

**10. ХIкълъунго жив ахираталъе чIового хутIарв, гьениб жиндие гIакъуба-гIазаб хIакълъарав чи вуго жинца гьеб нафс купру-ширкалдалъун, къабихIал гIамалаздалъун чорок гьабурав, гьеб Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ цщим бахъиналъе хIакъ гьабураб чи.**

كَذَّبَتۡ ثَمُودُ بِطَغۡوَىٰهَآ ١١

**11. Жидер къосин сабаблъун Самудияз жидеда витIарав авараг ﷺ гьереси гьавуна.**

إِذِ ٱنۢبَعَثَ أَشۡقَىٰهَا ١٢

**12. Жидеца бищунго къосарав чи витIараб мехалъ гьев расуласе мугIжизатлъун бугеб варани хъвезе.**

فَقَالَ لَهُمۡ رَسُولُ ٱللَّهِ نَاقَةَ ٱللَّهِ وَسُقۡيَٰهَا ١٣

**13. Гьеб къавмалда Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ расуласги абун букIана: «Нужеца гьаб варaниялъе зарал гьабуге ва гьелъие цо къоялъ гьекъезе лъимги те. Гьеб буго Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нужер хIал бихьизе нужеда тIад лъураб таклиф»-абун.**

فَكَذَّبُوهُ فَعَقَرُوهَا فَدَمْدَمَ عَلَيْهِمْ رَبُّهُم بِذَنبِهِمْ فَسَوَّىٰهَا ﴿١٤﴾

**14. Жидеца гьев СсалихI авараг** عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ **гьереси гьавуна ва гьеб вараниги хъуна.** Жидеца аварагас кьураб хIинкъи къабул гьабичIо. **Цинги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **гьел гьалаг гьаруна жидер гIасилъи ва пасикълъи сабаблъун. Гьезда тIад гIазаб гIамлъана, гьезул рижиги бакъвазе гьабуна. Гьеб гIазаб киназего бащад гьабуна.** Гьезул лъимал, руччаби, херал бахIарал щивго чи хвасарлъичIо.

وَلَا يَخَافُ عُقْبَٰهَا ﴿١٥﴾

**15.** ТIадегIанав Аллагьас гьадинаб гIазаб **гьабула** жинда гIасилъарал къавмазе **ва гьеб гIазаб гьабуна абун Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **щибго жоялдаса хIинкъи ва нахъчIвай букIунаро.**

Гьесда тIад рагIи абулев, гьесулалдаса ханлъи бергьарав цоги хан гьечIо. Дунялалъул ханзаби ва залимзаби жидеца зулму гьабураб мехалъ гьелъул жавабчилъиялдаса хIинкъун рукIуна.

Маккаялъул мушриказеги гьабила Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гIазаб гьел жидер купру-ширкалдаса руссичIони абураб хIинкъи кьей буго гьал аятазда жаниб.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Щамсалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 92. Сурату Ллайл

سُورَةُ اللَّيۡلِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул АгIлаялда» хадуб,* гьеб буго (87) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*** بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلَّيۡلِ إِذَا يَغۡشَىٰ ١
**1. Дун гьедулев вуго сордоялхIаги абун, жиндир бецIлъи кинабго жоялда тIаде бачIулеб мехалъ.**

وَٱلنَّهَارِ إِذَا تَجَلَّىٰ ٢
**2. Жиндир нур ва канлъи загьирлъараб къоялхIаги абунги гьедулев вуго дун.**

وَمَا خَلَقَ ٱلذَّكَرَ وَٱلۡأُنثَىٰٓ ٣
**3. Инсан ва цогидал хIайваналги бихьинал ва цIуял гьарун кIиго тайпаялда рижараб жиндир тадбиралдалъун ва къудраталдалъунги гьедулев вуго Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ

إِنَّ سَعۡيَكُمۡ لَشَتَّىٰ ٤
**4. Х1акълъунго Нужеца дунялалъул рукъоб гьабулеб гIамал цIакъ батIи-батIияб буго.**

فَأَمَّا مَنۡ أَعۡطَىٰ وَٱتَّقَىٰ ٥
**5. Амма жинца Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал харж гьабулев, жив Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **гIазабалдаса хIинкъунги хьвадулев.**

وَصَدَّقَ بِٱلۡحُسۡنَىٰ ٦
**6. Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **жиндие ахираталда букIине къотIи гьабун бугеб алжанги жинца ритIухъ гьабулев.** Гьелда жинца иман лъурав.

فَسَنُيَسِّرُهُۥ لِلۡيُسۡرَىٰ ٧
**7. Дица гьав чиясе дунялалъул рукъоб бигьалъи гьабила,** гьесие тавпикъ гьабила **лъикIаб гIамал гьабизе ва Аллагьасде** جَلَّ جَلَالُهُ **гIасилъи тезе.**

وَأَمَّا مَنۢ بَخِلَ وَٱسۡتَغۡنَىٰ ٨
**8. Ва амма жинца боцIи мал садакъаде ва напакъаде кьезе жив бахиллъарав, Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **тIагIат гIибадат гьабизе чIухIун, гьеб жиндие хIажатаб иш гьечIо абун жив хьвадарав чи.**

وَكَذَّبَ بِٱلۡحُسۡنَىٰ ٩
**9. Жинца ахиратги, гьениб бугеб алжанги гьереси гьабурав.**

فَسَنُيَسِّرُهُۥ لِلۡعُسۡرَىٰ ١٠
**10. Дица гьесие бигьалъи гьабила жиндирго гIасилъиялда хьвадизе ва ахираталда жив гIазабалъулъ вукIунеб гIамал гьабизе.**

**11. Цинги гьев жужахIалъул цIадаве ккараб** وَمَا يُغْنِي عَنْهُ مَالُهُۥٓ إِذَا تَرَدَّىٰٓ ﴿١١﴾
**мехалъ гьесие квер бакъи гьабуларо жинца**
**дунялалда данде гьабун букIараб боцIи-малалъ.**

**12. Х1акълъунго Дица Дир заталда тIад гьабун буго** إِنَّ عَلَيْنَا لَلْهُدَىٰ ﴿١٢﴾
**гIадамазда лъикIаб-квешаб жо баян гьаби,**
**гьезухъе русулал ритIун гьел исламияб диналда тIоритIи.**

**13. Х1акълъунго Дир милк ва мулк буго гьаб** وَإِنَّ لَنَا لَلْآخِرَةَ وَٱلْأُولَىٰ ﴿١٣﴾
**дунялги, хадуб жиб букIунеб абадияб ахиратги.**

**14. Дица нужее хIинкъи кьун буго жиб боркьараб,** فَأَنذَرْتُكُمْ نَارًا تَلَظَّىٰ ﴿١٤﴾
**лагь-лагьун, гьалдолеб жужахIалъул цIаялдалъун!.**

**15. Гьеб цIада жаниве лъугьизе гьечIо жиндир** لَا يَصْلَىٰهَآ إِلَّا ٱلْأَشْقَى ﴿١٥﴾
**бахьи къосарав чи гурони.**

**16. Жинца аварагзаби** عَلَيْهِمُ السَّلَامُ **гьереси гьарурав ва** ٱلَّذِي كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ﴿١٦﴾
**Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **иман лъеялдаса, гьесие гIибадат**
**гьабиялдаса жив вуссарав чиги гурони.**

**17. Гьеб жужахIалъул цIаялдаса ахираталда** وَسَيُجَنَّبُهَا ٱلْأَتْقَى ﴿١٧﴾
**рикIкIад гьавизе вуго жив Аллагьасдаса** جَلَّ جَلَالُهُ
**хIинкъаравлъун вукIарав муъминчи.**

**18. Жинца закат-сахI бахъун жиндир боцIи харж** ٱلَّذِي يُؤْتِي مَالَهُۥ يَتَزَكَّىٰ ﴿١٨﴾
**гьабулев вукIарав, гьеб лъикIаб нухазда харж**
**гьабун, жинца напс бахиллъиялдаса ва мунагьаздаса бацIад**
**гьабулев вукIарав.**

**19. Гьаб боцIи-мал харж гьабулеб мехалъ** وَمَا لِأَحَدٍ عِندَهُۥ مِن نِّعْمَةٍ تُجْزَىٰٓ ﴿١٩﴾
**жинца щивго чиясе кьезе кколеб букIараб**
**налъи кьолевлъун яги гьесул лъикIлъиялда данде лъикIлъи**
**тIалаб гьабулевлъун жив вукIунарев.** Рак1 бац1адго жив Аллагьасе
جَلَّ جَلَالُهُ г1оло кьолев.

**20. Гьес тIалаб гьабулеб жо букIуна цохIого** إِلَّا ٱبْتِغَآءَ وَجْهِ رَبِّهِ ٱلْأَعْلَىٰ ﴿٢٠﴾
**Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **разилъи.**

**21. Ахираталда щвараб мехалъ гьев муъминчи** وَلَسَوْفَ يَرْضَىٰ ﴿٢١﴾
**ц1акъ разилъизе вуго** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ахираталда гьев
муъминчи рази гьавизе вуго.

Гьесие алжаналъул нигIматал кьун, гьесда жив разилъун, жиндир заталда валагьулевлъун гьев гьавун.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб макъам щолеб гIамал гьабизе тавпикъ гьабеги!

Гьал аятал рештIине гьариялъе сабаб бицун гIалимзабаца абуна: Жинда Аллагь разилъаяв Билал асхIаб вукIана Умаят ибну Халаф абулев Къурайшазул мушрикасул лагълъун. Гьев Билал асхIабас исламияб дин босараб мехалъ гьесул сайид Умаятица гьесие цIакъ гучаб гIазаб гьабулеб букIана. Гьев Билал асхIаб бухIараб бакъукь къотIнове вегизе гьавун, гьесул черхалда тIад кIудияб гамачIги лъун, жиндир хIаталквералги рухьун толаан. Гьесда абулеб букIана: «Мун гьаб хIалада вукIине вуго мун хвезегIан яги дуца МухIаммадида инкар кквезегIан»-абун. Гьеб хIалалда вугеб мехалъги Билал асхIабас رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вуго, Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо вуго … абун абулеб букIана.

Цо нухалъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIаб щвана гьев Билал асхIабасе رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ гIазаб гьабулеб бакIалда ва гьес Умаятида абуна: «Мун Аллагьасдаса جَلَّ جَلَالُهُ хIинкъуларищ гьав мискинав чиясе гьадинаб гIазаб гьабизе?»-абун. Умаятица абуна: «Мун вуго дие гьев лагъ пасад гьавурав чи! Дуе гьев гIазабалдаса хвасар гьави бокьун батани дидаса вичун восе гьев!»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабас Умаятие мухь кьун жинда Аллагь разилъаяв Билал асхIаб тархъана. Гьаб иш бихьараб мехалъ Къурайшазул мушриказ абуна: «Абубакрица гьев вичун восичIо цо щиб букIунги гьев Билалидаса жив нечолеб гIилла букIун гурони»-абун. Гьел мушриказул рагIи гьереси гьабун ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал рештIине гьаруна.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасги абулеб букIана: «Нилъер сайид Абубакр асхIабас нилъер сайид Билал асхIаб тархъана»-абун. Гьаб буго хириял асхIабзабазул берцинаб тIабигIат-гIамал. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъее гьел асхIабзаби рокьизе ва гьезул тIабигIат гIамал хьвадизабизе тавфикъ гьабеги!.

Сурату Ллайлалъул тафсир ва таржама хъван тIабуна.
Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 93. Сурату ЗзухIа

سُورَةُ الضُّحَىٰ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул Фажралда» хадуб,* гьеб буго (89) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

وَالضُّحَىٰ ۝١ وَاللَّيْلِ إِذَا سَجَىٰ ۝٢

**1.2. Бакъ тIаде борхун гьелъул гвангъи ракьалда тIибитIараб зухIаялъул гIужалхIаги, жиб тIаде бачIун жинца кинабго жо бецIлъукье ккезе гьабураб мехалъ сардоялхIаги абун гьедулев вуго Дун.**

مَا وَدَّعَكَ رَبُّكَ وَمَا قَلَىٰ ۝٣

**3. Дур БетIергьан Аллагьас мун рехун тун гьечIо ва гьесул дуда ццим бахъунги гьечIо.**

Гьал аятал рештIине гьариналъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Жабраил малаик вахIю босун вачIин гьоркьоб къотIун букIана дагьаб заманаялъ. Гьеб жинда захIмалъун, гьелъие сабаб лъаларого аварагги ﷺ букIана. Гьаб хабар жидеда рагIидалго мушрикаца абуна: «Гьев МухIаммадида гьесул БетIергьанасул ццим бахъун буго ва Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьев реххун тун вуго»-абун. Гьалдаса хаду Жабраил малаик вачIун гьес, гьал аятал ва хадур ругел аятал цIалана, Аллагьасул свалат салам жинда лъеяв аварагасе.

وَلَلْآخِرَةُ خَيْرٌ لَّكَ مِنَ الْأُولَىٰ ۝٤

**4. Гьаб жиб паналъулеб дунялалдаса дуе даимго нахъе хутIулеб ахират лъикIаб буго, МухIаммад ﷺ!.**

وَلَسَوْفَ يُعْطِيكَ رَبُّكَ فَتَرْضَىٰ ۝٥

**5. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дуе нахъа кьезе буго мун жиндаса ризилъулеб жо ва мун гьелда разилъизеги вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: Гьаб Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нахъа кьолеб жо буго ахираталда жиндир умматалъе шапагIат гьабизе кьолеб ихтияр.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Муслимица бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жиндир уммат ракIалде щун: «Я дир БетIергьан Аллагь, дир уммат хвасар гьабе!»-абун зигардулев вукIана ва гIодулевги вукIана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас Жабраил малаикасда абуна: «Я Жабраил! Мун гьев МухIаммадихъе ﷺ а ва дуца гьесда гьикъе жив щиб жоялъ гIодизе гьавулев вугев»-*

*абун. Цинги Жабраил малаик аварагасухъе* ﷺ *вачIана ва гьесда гьикъана щиб жоялъ мун гIодизе гьавулев вугев абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда бицана жив жиндир умматалъул ургъелалъ гIодизе гьавулев вуго абун. Хадуб ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Я Жабраил! Мун гьев МухIаммадихъе* ﷺ *а ва дуца гьесда бице дица жив жиндир умматалъул амроялъулъ рази гьавизе вугин, гьесие щибго къварилъиги гьабизе гьечIин»*- абун.

Цоги хIадисалда буго: *«Щивав аварагасе Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *жиндие жаваб гьабулеб дугIа кьун буго. Аварагзабаца* عَلَيْهِمُ السَّلَامُ *гьеб дугIа дунялалдаго гьабуна. Дица гьеб дугIа ахираталда гьабизе нахъе бахъун тун буго. Гьеб дугIаги дир умматалъе шафагIат гьаби букIине буго»*-абун. Х1адис имам Бухарияс ва Муслимица бицана.

Цоги гIалимзабаца абуна: Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир аварагасе ﷺ дунялалдаги кьуна гьев жиндаса разилъулеб жо: Жиндир рисалат ракьалда тIибитIана, тушбабазда тIад бергьенлъиги щвана, исламияб улкаги гIуцIцIана. Гьесул уммат киналго умматаздаса гIемераб ва хириябги гьабуна. Ахираталда гьев аварагасе ﷺ жиб бецараб макъам буго, шафагIат гьабизе изноги буго, ХIавзги буго (жиндаса муъминзабаца гьекъолеб иццу).

**6. Дур Бет1ергьанасда мун дур эменги хун ятимлъун ватичIищ, МухIаммад ﷺ? Цинги Аллагьас** جَلَّ جَلَالُهُ **мун т1аде къана жинца дуе тарбия гьабулев дур кIудияв эмен ГIабдулмутIалибиде.** أَلَمْ يَجِدْكَ يَتِيمًا فَآوَىٰ ﴿٦﴾

Ибну Касирица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг эбелалъул чохьонивго вукIун гьесул эмен ГIабдуллагь хвана. Цинги гьесул анлъго сон бугеб мехалъ гьесул эбел Аминатги хвана. Цинги гьев МухIаммад ﷺ жиндир кIудияв эмен Г1абдулмутIалибица хьихьун вукIана кIиго соналъ. Гьев хун хаду гьесие эменлъи гьабуна жиндир инсул вац АбутIалибица. Гьев АбутIалиб живго хъанчазе лагълъи гьабулев чи вугониги МухIаммад аварагасе ﷺ жинца квер бакъулев, гьесдаса мушриказул зарал жинца нахъе чIвалевлъун вукIана. Гьев АбутIалиб хвана авараглъи кьун анцIго сон гIагарун заман араб мехалъ. Цинги мушриказул бетIер тIаде борхана, гьез авараг ﷺ чIвазе хIилаги ургъана. ТIадегIанав Аллагьас гьижра гьабизе изно кьун МухIаммад авараг ﷺ Мадинаялда ана. Гьаб буго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ ятимлъун вукIарав аварагасе ﷺ квер бакъи гьаби.

**7. ТIадегIанав Аллагьасда мун ватана дуда исламияб дин лъаларевлъун,** купру-ширкалъул وَوَجَدَكَ ضَالًّا فَهَدَىٰ ﴿٧﴾

агьлуялда гьоркьов вугевлъун, гьездаго релълъун мунги къосине бегьулевлъун. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун гьеб къосиналда виччачIо.

**Духъе авараглъиги кьун исламияб диналда дур къавм ахIулев расуллъун гьавуна.**

Цо гIалимзабаца абуна гьев МухIаммад гьитIинавго вугеб мехалъ Маккаялъул кIкIалахъе вилун вукIана. Гьев Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ жиндир кIудияв эмен ГIабдулмутIалибихъе вуссине гьавуна абун. Цоги рагIи буго АбутIалибгун цадахъ Шамалда дараналъе унеб мехалъ гьел нух къосун рукIана абун.

**8. Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ мун мискинав, хъизан лъимал г1емеравлъун боцIи-мал гьечIевлъунги ватана.** وَوَجَدَكَ عَآئِلًا فَأَغْنَىٰ ﴿٨﴾

**Цинги мун бечед гьавуна даран-базар гьаби лъазе гьабун.** ГIадамазда хIажатавлъун течIо. Гьезда кодоб бугеб жоялда хьул лъолевлъунги вукIинчIо хирияв авараг صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ.

Гьал к1удиял ниг1маталги кьун ругелъул. Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ аварагасда صَلَّىٱللَّهُعَلَيۡهِوَسَلَّمَ васият гьабулеб буго:

**9. Дуца ятимазе зулму гьабуге, гьел хIакъирги гьаруге!** فَأَمَّا ٱلۡيَتِيمَ فَلَا تَقۡهَرۡ ﴿٩﴾

Мун гьел ятимазе гурхIулев эмен гIадин вукIа. Мунго ятим вукIараблъи ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун данде вачараблъи кIочонге!

**10. Гьарун вачIарав чиги дуца нахъе къотIуге.** وَأَمَّا ٱلسَّآئِلَ فَلَا تَنۡهَرۡ ﴿١٠﴾

Гьев жинца гьарараб жо кьечIого тоге! ГIелму тIалаб гьабун вачIарасе гIелму кье, боцIи-мал тIалаб гьабун вачIарасе гьеб кье! Гьарун вачIарасе кьезе жо батичIеб мехалъ гьесда берцинаб рагIи бицун, гьесул ракI парахат гьабун витIе гьев нахъе. Гьумер букIкIун, гьесул мегIералда ццебе нуцIа къан витIуге. Мун мискинав вукIараблъи ва Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ дуе гIейи гьабураблъи кIочонге!

**11. ТIадегIанав Аллагьас дуе кьурал нигIматал дуца гIадамазда рице абун.** وَأَمَّا بِنِعۡمَةِ رَبِّكَ فَحَدِّثۡ ﴿١١﴾

Гьел нигIматал рициги, гьездаса рохел загьир гьабиги нигIматазе щукру гьаби буго. Бищунго кIудияб нигIмат буго МухIаммад, Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ мун исламияб диналда тIовитIун вукIин. Гьеб нигIматалда данде щукру гьабун дуца дур къавмги исламияб диналда тIобитIе!

Жиндие гIелму кьурав чиясда тIадаб буго гьеб гIелмуялда данде щукру гьаби. Гьаб щукру гьаби букIуна жинца гIелмуялда рекъараб

гIамал гьаби ва гьеб гIелму цогидазухъе щвезе гьаби. Гьаб амруялдаса гъапуллъарав гIалимчи ахиараталда жиндие гIазаб гьабулевлъун вукIина абун.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату ЗзухIаялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 94. Сурату ЩархI

سُورَةُ الشَّرْحِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна гьалда цебе бугеб «сурату ЗзухIаялдаса» хадуб.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Дица дур керен-ракI гIатIид гьабунагурищ МухIаммад** ﷺ**,** иманалдалъун ва Къураналъул нуралдалъун.

أَلَمْ نَشْرَحْ لَكَ صَدْرَكَ ﴿١﴾

Дуда вахIю гьабулеб дин къабул гьабизе ва гIелму-хIикмат жаниб лъугьине гIатIид гьабуна Дица дур керен. ЩайтIанияб хъублъи нахъе ине гьабун, Жабраил малаикас чурун, бацIцIад гьабуна абураб магIнаги гьабуна гьаб рагIиялъе. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI керен ссун къватIибе бахъун чурун букIана гьев гьитIинав вугеб мехалъ.

**2.3. Дур ракI къварид гьабун, дур мугъ бакI гьабун рукIарал дудаса ккарал гъалатIаздаса Дун тIаса лъугьана.**

وَوَضَعْنَا عَنكَ وِزْرَكَ ﴿٢﴾ الَّذِي أَنقَضَ ظَهْرَكَ ﴿٣﴾

Гьал гъалатIал рукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьарурал цо-цо гIамалал, хаду Аллагьас جل جلاله гьеб гIамал гьабуге абун гьесда амроги гьабурал. Масала: Гъазаватазда рачIинчIого чIезе мунафикъзабаца изну тIалаб гьабураб мехалъ аварагас ﷺ гьезие изну кьей, беццав чи жинда ахIдараб мехалъ аварагас ﷺ гьумер букIкIине гьаби, Бадроялъул асирзаби гIакIа босун нахъе риччай, «дие Марият хIарам гьаюна»-абун жинца аби ва гьелда релълъарал гIамалал руго гьел. Аварагзабазул Аллагьасда جل جلاله гIасилъи ва мунагьал гьари букIунаро, амма гьезие цIакъ бакIлъун букIуна жидедаса ккараб Аллагьас جل جلاله гIайиб чIвараб гIамал, кигIанго гьитIинаб гъалатI гьеб бугониги.

Аллагьасдаса جل جلاله жал хIинкъарал муъминзабазеги жидедаса ккараб мунагь-хатIаъ кIудияб мегIер мугъалда тIад лъун бугеб гIадин захIмалъун букIуна. Мунапикъзабазе ва иман загIипал гIадамазе кигIан кIудияб мунагь жидеца гьабуниги гьеб жидер бетIерлада тIад чIараб тIутIгIан бигьалъун бихьула.

**4. Дица дур рехсей ва даража-макъамги тIадегIан гьабуна.**

وَرَفَعْنَا لَكَ ذِكْرَكَ ﴿٤﴾

Дунялалдаги ахираталдаги жиндир къимат ва къадро кIудияв вуго жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг. Гьесул цIар ТIадегIанав Аллагьасул цIаралда хурхизе гьабун букIин гIеларищ гьесул даража-макъам тIадегIанаб букIиналъе мисал!

Цониги жинца шагьадат битIунев, как ахIулев ва как балев чи гьечIо жинца: «Ашгьаду ан лаилагьа ИллаЛлагь ва ашгьаду анна МухIаммадан ﷺ расулуллагь»-абун абуларев. ТIадегIанав Аллагьасул цIар буго «МахIмудун» абураб (жив веццарав, кинабго реццалъе жив мустахIикъав). Хирияв аварагасдаги ﷺ цIар буго «МухIаммадун ﷺ »-абун гьелъул магIнаги жив веццарав абураб буго.

**5. ХIакълъунго цо захIмалъи-къварилъиялда хадуб бигьалъи ва гIатIилъи букIуна.** فَإِنَّ مَعَ ٱلۡعُسۡرِ يُسۡرًا ٥

**6. Гьеб захIмалъи-къварилъиялда хадуб бигьалъи ва гIатIилъи букIунеб букIин жиб хIакъаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амро буго.** إِنَّ مَعَ ٱلۡعُسۡرِ يُسۡرًا ٦

Гьаб рагIи ТIадегIанав Аллагьас такрат гьабун абуна, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьабун, гьесие роххел бицун, гьев Маккаялда вугеб мехалъ цIакъ кIудияб къварилъиялда вукIиндал, гьесие ва гьесул асхIабзабазе мушриказ гьабулеб гIазаб ва зарал сабаблъун. ТIадегIанав Аллагьас жинца аварагасе ﷺ кьурал кIудиял нигIматалги рицун хадуб гьесда абулеб буго: Гьал кIудиял нигIматал дуе кьурав дур БетIергьан Аллагьас дудаса къварилъи тIаса босизе буго ва дуе квербакъиги гьабизе буго абун. БетIергьан Аллагьас жиндир рагIи хIакъаблъун гьабуна ва жиндие хирияв авараг ﷺ хвелелде исламияб улка (давлат) гIуц1цIун букIана, гьесие зарал гьабулел рукIарал мушрикалги Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ дунялалдаго гIазаб гьабун Бадроялда чIван рукIана.

**7. Мун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналда халкъ ахIиялдаса рукъов вачIун гIодов чIараб мехалъ гьев Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабун, гьесие какал ран ва гьесде дугIа-хIели гьабун дуца дур черх свაказе гьабе.** Халкъалда гьоркьов вугеб мехалъ гьел исламияб диналда тIоритIулевлъун вукIа. Гьездаса ватIалъун мун цохIого хутIараб мехалъги Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда тIад чIа. فَإِذَا فَرَغۡتَ فَٱنصَبۡ ٧

**8. Дуца дур кинабго хьул ва къасд дур БетIергьан Аллагьасде буссине гьабе.** وَإِلَىٰ رَبِّكَ فَٱرۡغَب ٨

Дур кинабго мурад ва аниш Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи ва лъикIаб ахират щвей букIа. Жиб паналъулеб дунялалъул пикру гьабуге, гьеб тIалаб

гьабулевлъунги вукIунге.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьал сипатал жиндие ругев вукIана. Гьаб хитIаб хирияв аварагасда ﷺ гьабиялъул мурад буго гьесул уммат хIакъаб диналда тIибитIи, гьезда лъазе гьаби цIохIо дунялалъул ургъалида рукIинчIого ахиараталъе гIамал гьабизе кколеблъи. Чара гьечIеб магIишат тIалаб гьабун хутIараб заман Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабиялда буссинабизе кколеб букIинги лъазе гьабулеб буго. Жидер рагIаби дагьал ва амма магIна цIакъ гъваридал руго гьаб сураталъул аятал. Хирияб Къуръан мугIжизат букIин ва гьелъул пасихIлъи ва гъварилъи жинца цIакъго загьир гьабулебги буго.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату ЩархIалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

## 95. Сурату Ттин

سُورَةُ التِّينِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул Буружалда» хадуб,* гьеб буго (85) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1. **Тин ва Зайтун, абулеб** жиб кIиялъулъго баракат бугеб, жиндаса инсанас квеналъе ва дару-сабабалъе мунпагIат босулеб **пихъалдалъун гьедулев вуго Дун.** وَٱلتِّينِ وَٱلزَّيْتُونِ ۝١
Байтул-мукъадасалда жиб гIемер букIунеб пихъ буго зайтун. Гьелъул нах буго жиб квеналъе ва даруялъе хIалтIизе гьабулеб.
Тин (инжир, смоковинцы) буго Димашкъалда гIемер бижулеб пихъ. Гьаб кIиябго пихъ алжаналъул пихъаздасаги руго.

2. **ТIурисинин абураб жиндилъ баракат бугеб мегIералдалъунги гьедулев вуго Дун.** وَطُورِ سِينِينَ ۝٢
Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ калам гьабураб мегIер буго гьеб. Жинда тIад гъветI-херги бижараб, пихъил гъутIбиги ругеб, жиндир тIабигIат лъикIаб ва сифат берцинаб.

3. **Жиндилъ божилъи бугеб гьаб Макка шагьаралдалъунги гьедулев вуго Дун.** وَهَٰذَا ٱلْبَلَدِ ٱلْأَمِينِ ۝٣
Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиб цIунараб, жиндилъ тушманлъи гьабулареб.
Ибну Касирица абулеб буго: ГIалимзабазул цо къукъаялъ абуна: ТIадегIанав Аллагь гьедулев вугин халкъалда дин босун жал ритIарал, жидехъе Инжил, Таврат, Къуръанги кьурал, бищунго кIудиял ва хириял аварагзабазул عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ ватIаналдалъун. Муса аварагасда عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ кIалъараб ТIурсайнаалдалъун, Г1иса аварагасул عَلَيْهِ ٱلسَّلَامُ ватIаналъун бугеб Байтул-мукъадасалдалъун ва МухIаммад аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ватIанлъун бугеб Макка хIарамалдалъунги. Гьаб каламалъ т1орит1ел гьабулеб буго, Гьал аварагзаби عَلَيْهِمُ ٱلسَّلَامُ хириял рукIиналда гьел аварагзабилъун ритIараб ракьги хирияб бук1иналда.

4. Гьал церехун рехсарал хириял бакIаздалъун гьа гьедун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ абулеб буго: **ХIакълъунго Дица инсан вижана бищунго берцинаб сипаталда.** Жиндир гьумер берцинав, черх чIурканав, лугби цоцаде рекъарав, гIакъло-гIелму бугев. Жиндир хIажат-мурад баян гьабизе кIалъалевлъун гьавун, жинда тIад таклиф къан, гьеб таклиф لَقَدْ خَلَقْنَا ٱلْإِنسَٰنَ فِىٓ أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ ۝٤

тIубаялдалъун жиндие абадияб ахираталда алжаналъул нигIматал рукIуневлъун гьавун.

**5. Цинги Дица гьев инсан вусине гьавуна бищунго гIодогIанаб бакIалда.** ثُمَّ رَدَدْنَٰهُ أَسْفَلَ سَٰفِلِينَ ۝٥

Жинца Аллагь ﷻ цо гьавичIого, гьес тIад къараб таклиф тIубачIого жив хьвадараб мехалъ гьев жужахIазул бищунго гъокьияб тIалаялъуве вуссине гьавула.

Цоги магIна гьабуна: Цинги Дица гьев инсан херлъизе гьавун лъимерлъиялъул къоялда ккезе гьавула абун. Гьаб магIна загIипаблъун гьабулеб буго хадур ругел аятазул магIанаялъ.

**6. Жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби руссине гьаруларо гIодобегIанаб бакIалде. Гьезие ахиаратлда цIакъ кIудияб ажро буго: Жиб абадияб, жиндие нахъаса къотIиго гьечIеб.** إِلَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فَلَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ ۝٦

**7. Гьал мухIканал аятал ва гIаламаталги рихьулел рукIадго ахират гьереси гьабизе мун тIамулеб жогIаги щиб бугеб, я гьав инсан!.** فَمَا يُكَذِّبُكَ بَعْدُ بِٱلدِّينِ ۝٧

**8.** Гьадин мухIканго махлукъ бижарав, гьаб берцинаб сифат-сураталда инсанги вижарав, гьаб кинабго махлукъалъул мухIканаб хIалалъ жинца тадбирги гьабулев **Аллагь ﷻ гьечIишха бищунго гIадло битIарав, хIукму гIадилав, жинца гьабулеб жоялъул маслахIат ва мурад жинда лъалевлъун.** Вуго БетIергьан Аллагь жиндир гIадло битIарав, жив цогояв хан, гьев Аллагьасе ﷻ буго нилъеца лагълъи гьабулеб ва гьев цо вукIиналъе буго нугIлъи гьабулеб. أَلَيْسَ ٱللَّهُ بِأَحْكَمِ ٱلْحَٰكِمِينَ ۝٨

Цо хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьаб сурат цIалун лъугьараб мехалъ: *«Вуго Аллагь ﷻ бищунго хIукму битIун гьабулев, дунги гьелъие нугIлъи гьабулездаса вуго»*-абун абулеб букIана. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Имам КъуртIубияс жиндир тафсиралда жаниб абуна: «ГIисал Гьашими»-абулев чи вукIана жиндие жиндир чIужу цIакъ ёкьулевлъун. Гьес цо къоялъ чIужуялдехун абуна: «ЦIураб сардилъ моцIалдаса мун берцинай ятичIони дица дур лъабабго цIар тIамураб буго»-абун. Цинги гьесул чIужу гьесдаса рикIкIалъун чIана ва гьевги цIакъ рекIекълъана жинца абураб рагIиялда. Гьев ана Мансур халифаясухъе ва гьесда бицана жиндир къварилъи. Мансур халифаяс шагьаралъул гIалимзаби

данде ахIана ва гьезда бицана «ГIисал гьашимил» масъала ва гьел ургъизе тIамуна гьесул цIар унареб хIал гьечIодай гIелмуялда жаниб абун.

Гьел киналго гIемер ургъана ва гьезие щибго жаваб батичIо гьев ГIисал цIар ун буго абун аби гуреб. Гьеб мажлисалда вакIарав цо гIалимчи кIалъачIого чIун вукIун, гьесде Мансурица абуна: «Мун щай кIалъаларев, дур щиб жаваб бугеб?»-абун. Гьев гIалимас абуна: «Я амирал муъминин! ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «ХIакълъунго Дица инсан вижана бищунго берцинаб сифаталда»-абун. Инсанасдаса берцинаб цоги махлукъ букIунаро»-абун. Мансур халифаяс гьесул рагIи къабул гьабуна ва ГIисал чIужу гьесда тIаде юсине гьаюна.
Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ нилъее битIараб гIелму ва пагьму кьейги!

Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ тавфикъалдалъун сурату Ттиналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 96. Суратул Г1алакъ

سُورَةُ العَلَق

*Гьаб сурат буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Къуръан рештIине гьабизе бай бихьараб мехалъ тIоцебе жиб рештIине гьабураб сурат.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

ٱقْرَأْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلَّذِى خَلَقَ ١

1. **Дуца гьаб хирияб Къуръан цIале МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун бай бихьун ва гьесдаса квер бакъиги тIалаб гьабун.**

**Жинца кинабго махлукъ бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев,** жив цогояв ханлъун вугев гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.

Исламияб диналъул бищунго кIудияб гIаламат ва жиндир кIвар бугеб амро буго гIелму лъазе гьаби, хъвай-цIали лъазе гьаби. Хирияв аварагасда ﷺ вахIю гьабизе бай бихьараб лахIзаталдаса хадуб кинабго заманаялъ исламияб дин цояз цоязде лъазе гьабун, кIалалъ бицун, кагъаталда хъван нилъехъе щун буго. Гьеб исламияб дин абаруб жого гIелму буго. Къуръанги, хIадисги гьелъул асло буго, гьелъие гьабураб тафсир ва таржама гIалимзабазул ижтигьад буго (яхI бахъи, хIал кIвараб жо гьабун хIакъаб магIна ва мурад загьир гьабизе гIамал гьаби).

Гьел гIалимзабиги кинабго заманаялъ цояв цогидасе хъаравуллъун чIун, гьесул гъалатI битIизе гьабулевлъун вукIун, гьаб исламияб дин азаралда ункънусго сон заман жиб бай бихьаралдаса ун бугониги жиндилъ хис-бас гьечIого, жиндир асло цIунун хутIун буго.

Исламияб диналъул аслиял къагIидабаздаса бугеб къагIида буго щивав инсанас жинца гьабулеб гIамал жиб лъан, жиндаса мурад лъан, гьеб мурадалда рекъон гьабулеб букIин. Исламияб диналъ жиб нахъе чIвалеб жо буго жиндир гIелмулъай гьечIого, гьеб гIелму тIалаб гьабичIого цо пуланав чиясул ракIияда ва гIамалалда нахъвилълъун хьвадулевлъун инсан вукIин. Жинда нахърилълъизе тIадав чи вуго Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг. Гьесдаса мухIканаб хIадис бачIараб мехалъ, гьеб хIадисалда гIамал гьабиялдаса жиндие мурад бичIулеб гьечIониги, инсан нахъвилълъуна хирияв аварагасда ﷺ ва гьесул гьеб гIамал битIун ккарабги букIуна.

Гьев аварагасда ﷺ хадур рукIарал хириял асхIабзабазул рагIиги хIужа-далил букIуна гьеб рагIи асхIабзабазул букIин хIакълъараб мехалъ, ва цоги асх1абзабаца хилафги гьабич1еб мехалъ. Цинги хадур ругел гIалимзаби ва имамзаби цояв цоясдаса тIокI гьавун, гьав лъикIав, дов квешав абун гьезие къимат кьезе ва гьезул цоязда нахъ вилълъун, цогидав реххун тезе нилъее нух букIунаро: гьазул рагIи ва хIукму Къуръан-хIадисалдаги боцун, гьеб цIадироялдалъун гьеб цIазе лъалев чиясе гурони.

Гьал боцизе лъалел гIадамалги жакъа жал ратизе захIматал, жал цIакъ дагьлъарал руго. Гьаб рагIиялъул хIасиллъун букIуна щивав инсанасда тIадаб букIин жинца гьабулеб гIамал гьабизе лъан, гьелъул хIужа-далил лъан гьабизе тIадаб букIин. Гьедин хIужадалил лъазе кIвечIев чи цоги гIалимчиясда нахъвилълъизеги бегьула. Амма шаргIалда какараб гIамал буго гьал жагьилал гIадамал жидер имам яги устар кIодо гьавун, щибаб къукъа жал хIакъаб диналда руго абун цогидал къукъабазда данде багъулеб букIин. Гьаб буго иблисалъул ва исламалъул тушабазул мурад тIубай. Гьаб амро буго жиб бичIине ва жинда кантIизе рекъараб амро!

**2. Жинца инсан вижарав вуго гьев Аллагь ﷻ, загIипаб бидул гороялдаса.** خَلَقَ ٱلۡإِنسَٰنَ مِنۡ عَلَقٍ ۝٢

«ГIалакъ» абун бидул гороялда абула. Гьаб магIна хал гьабураб мехалъ аяталъул магIна букIуна: гьеб жиб загIипаб бидул гороялдаса вижарав инсанасе чIухIизе бакI щиб букIинеб абураб.

**3. Дуца гьаб хирияб Къуръан цIале МухIаммад ﷺ, ва дуда лъай дур БетIергьан Аллагь жив хирияв ва къадро кIудияв вукIин.** ٱقۡرَأۡ وَرَبُّكَ ٱلۡأَكۡرَمُ ۝٣

**4. Жинца къаламалдалъун хъвадаризе инсанасда лъазе гьабурав.** ٱلَّذِي عَلَّمَ بِٱلۡقَلَمِ ۝٤

**5. Гьев инсанасда жинда лъалареб букIараб исламияб динги лъазе гьабурав.** عَلَّمَ ٱلۡإِنسَٰنَ مَا لَمۡ يَعۡلَمۡ ۝٥

Цогидаб инсан жинда хIажалъулеб дунял-ахиаратаълъул гIелмуги лъазе гьабурав.

АлхIамдулиллагь! Кинабго рецц ва щукру гьев Аллагьасе ﷻ буго. Жинца исламияб диналда нилъ тIоритIарав, жиндир хирияб Къуръан цIализе лъалеллъунги гьарурав, жиндие хирияв ХIабиб МухIаммадил ﷺ суннат лъалеллъунги нилъ гьарурав. Гьаб щуго аят буго Къуръаналъул т1оццере рещт1арал аятал.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг «ХIираъ» абулеб нохъоде ун

Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабулев вугеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас Жабраил малаик витIун гьесда Къуръан вахIю гьабизе бай бихьараб заман буго гьаб.

Жидеда Аллагь разилъаял имам Бухараияс ва имам Муслимица жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аваагасе вахIю бай бихьиялде цере жал ритIухъал макьаби рихьулел рукIана. Цинги гьев ругьунлъана ХIираъ нохъоде ун гьенив заманаялъ чIун Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабизе. Цо чанго къоги гьениб бан жиндие квен-тIех босизе Хадижатихъе рукъове вачIунаан, цингиги гьев ХIираалда унаан.*

*Гьедин жив вукIадго гьесухъе хIакъаб жо бачIана. Гьесухъе малаик вачIана ва гьесда «дуца цIале!»-абун абуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дун цIализе лъалев гьечIо»-абун. Цинги малаикас авараг ﷺ жинде данде къана кутакаб данде къаялъ, цинги гьев нахъе виччана ва гьанжеги абуна: «Дуца цIале!»-абун. Аварагас ﷺ добго жаваб кьуна. Гьедин лъабго нухалъ малаикас авараг ﷺ жинда данде къана гьесие лъикIго захIмалъулеб хIалалъ. Хадуб малаикас гьаб щуго аят цIалана. Гьел аяталги росун жив цIакъ хIинкъун жиндир ракI сородулаго МухIаммад авараг ﷺ Хадижатихъе вачIана жинда Аллагь разилъаяй ва гьес абуна: «Дун ратIилиъ жеме! Дун ратIилиъе вахче!»-абун. Хадижатица гьев ратIилиъе жемун дагьаб мехалъ тана. Жиндир хIинкъи тIаса ун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Хадижатида бицана жиндие ккараб жо ва гьес абуна: «Дун дирго нафсалде хIинкъулев вуго»-абун. (дун унтун вугодай абун, яги дие щайтIаналъ зарал гьабун бугодай абун).*

*Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатица абуна: «Кисан мун унтун вукIинев? Дуе щибго къварилъи гьечIо. Валлагьи Аллагьас мун кидаго гIодовегIан гьавизе гьечIо. ХIакълъунго мун вуго гIагарлъиялда гурхIел гьабулев, гIадамазул ургъел къварилъи гьездаса борхулев, хIажалъи ккарав чиясе жо кьолев, гьобаласе лъикIаб гьоболлъи гьабулев. ХIакъаб жо хIакъаблъун букIине гьабулев, гьелъие квер бакъи гьабулев». (гьединал берцинал тIабигIатал ругев инсан Аллагьас ﷻ гIодовегIан гьавуларо, гьев щайтIаналъ гуккиялдасаги цIунула).*

*Цинги Хадижат МухIамадги цадахъ вачун жиндир вацIгIал Варакъат ибну Навфалихъе ана. Гьев вукIана цебего Насранияб динги босун гьеб дин гьабулев, жив цIакъго кIодолъун, херлъун ва бецлъун вугев чи. Гьес Инжилалдаса ГIибранияб мацIалъ жиндие къваригIараб жоги хъвалеб букIана. Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатица абуна:*

*«Я дир вацГIал! гьав дур вацасул васас бицунеб жоялда гIенеке»-абун. (гIарабияз хIурмат гьабун жиндаса гьитIинасда вацасул вас абула, жиндаса кIудиясда дир инсул вац абула).*

*Варакъатица абуна: «Бицеха дуда бихьараб жо»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда бицана жинда ХIираъ нохъода цо чи вачIин ва гьес жиндие рицарал рагIабиги. Варакъатица абуна: «Гьев чи вуго Муса аварагасухъе* عَلَيۡهِ ٱلسَّلَامُ *вачIарав Жабраил малаик. Я аман Аллагь дун гIолохъанчи вугев анищ, дуе квер бакъи гьабизе! Мун Маккаялъул агьлуялъ гьенисан къватIиве къотIулеб мехалъ дун чIаго вукIине вугев анищ!»-абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Унго гьез дун къватIиве вахъине гьавизейищ вугев»-абун. Варакъатица абуна: «Мун къватIиве вахъине гьавизе вуго. Мун гIадин вахIю босун вачIарав цониги авраг гьечIо жиндехун тушманлъи гьабичIого тарав»-абун. Хадубги Варакъатица абуна: «Дуца диналда халкъ ахIулеб мехалъ дун чIаго хутIани дица дуе цIакъ квербакъи гьабизе буго»-абун. Гьев Варакъат гьелдаса хадуб гIемер заманго инчIого хвана. Аварагасухъе* صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ *вахIю гьабизе Жабраил вачIин дагьаб заманалъ гьоркьоса къотIун букIана».* (хIадис дагьаб къокъ гьабун хъвана).

**6. ХIакъаб жо буго инсан жиндир БетIергьан Аллагьасде гIасилъулев вукIин.** كَلَّآ إِنَّ ٱلۡإِنسَٰنَ لَيَطۡغَىٰٓ ٦

**7. Живго жиндасаго чIухIун: Жив бечедав вуго, къуватав вуго, кьибил тухум кIудияв вуго абун ракIалде ккун.** أَن رَّءَاهُ ٱسۡتَغۡنَىٰٓ ٧

**8. Х1акълъунго дур БетIергьан Аллагьасде буго МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, ахираталда кинабго халкъалъул буссин.** إِنَّ إِلَىٰ رَبِّكَ ٱلرُّجۡعَىٰٓ ٨

Гьеб къоялъ щивав инсанасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**9.10. Дуца пикру гьабуларищ МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, жинца Аллагьасе** جَلَّ جَلَالُهُ **как баялдаса Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **лагъ нахъе чIвалев чиясул?** أَرَءَيۡتَ ٱلَّذِي يَنۡهَىٰ ٩ عَبۡدًا إِذَا صَلَّىٰٓ ١٠

ЦIакъ ахIмакъав, хIалихьатав ва гIодовегIанав чи гьечIишха гьев? Гьав жинца как балев чи МухIаммад авараг صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ вуго. Гьев жинца как баялдаса нахъ чIвалев чи Абужагьал вуго.

**11. Дуца пикру гьабеха МухIаммад** صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ**, гьев жинца как балев чи битIараб диналдаги вугони.** أَرَءَيۡتَ إِن كَانَ عَلَى ٱلۡهُدَىٰٓ ١١

**12. Жинца цогидаздаги амро гьабулеб бугони Аллагьасдаса جَلَّجَلَالُهُ хIинкъа абун ва гьесие гIибадат гьабе абун.** أَوۡ أَمَرَ بِٱلتَّقۡوَىٰٓ ١٢

Гьаб хIакъаб нухалда вугев чиясда данде кин гьев къосарав мушрик вахъунев?.

**13. Гьединго дуца пикру гьабеха МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ, гьев инкарчи жинца Аллагьги جَلَّجَلَالُهُ аварагги صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ гьереси гьарулев, жив иман лъеялдаса вусун чIарав вугони.** أَرَءَيۡتَ إِن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰٓ ١٣

**14. Гьев чиясда лъалеб гьечIищ БетIергьан Аллагь жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев вукIин?.** أَلَمۡ يَعۡلَم بِأَنَّ ٱللَّهَ يَرَىٰ ١٤

**15. Гьев къосарав чиясда ракIалда кковухъин гьечIо амро! Гьев вусса абе, Гьев чи жиндир къабихIаб гIамал гьабиялдаса вусинчIони бичасхIаги дица гучалда гьесул нодо ккун вехъерхъун гьев цIада жанив реххила!.** كَلَّا لَئِن لَّمۡ يَنتَهِ لَنَسۡفَعَۢا بِٱلنَّاصِيَةِ ١٥

**16. Жинца гьереси бицунев, жив капурав ва жиндир мунагьал гIемерав чи вуго гьеб дица кколеб нодоялъул бет1ергьан.** نَاصِيَةٖ كَٰذِبَةٍ خَاطِئَةٖ ١٦

**17. Цинги гьес ахIи бае абеха жиндир кумекчагIазда ва гьездаса квербакъиги тIалаб гьабе абе!** فَلۡيَدۡعُ نَادِيَهُۥ ١٧

Гьесие щибго квер бакъи щвезе гьечIо гьеб къоялъ.

**18. Дицаги ахIизе руго Дир жужахI хьихьун ругел, жудер капурзабазда ццим бахъи кутакал забаниятазда.** سَنَدۡعُ ٱلزَّبَانِيَةَ ١٨

Гьез кутакаб гIазаб гьабила гьев абужагьлие ва гьесда релълъарал чIухIарал, гIамал кIудиял инкарчагIазе ва мушриказе.

**19. Жив хIинкъа абе гьев къосарав, хIалихьатав чи! Мун гьесие мутIигIлъуге МухIаммад صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيۡهِ وَسَلَّمَ !** Дуца как бачIого тоге ва Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ диналда халкъ ахIичIогоги тоге. **Дуца тIад чIей гьабе как баялда ва сужда гIемер гьабиялда! Дуца Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIагарлъиги гьеб как баялдалъун ва сужда гIемер гьабиялдалъун гьабе!** كَلَّا لَا تُطِعۡهُ وَٱسۡجُدۡ وَٱقۡتَرِب ۩ ١٩

Гьаб аят ц1алидал сужда гьабизе сунатаб буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисалда буго: *«Бищунго лагъ Аллагьасде جَلَّجَلَالُهُ гIагарде вукIунеб заман буго гьев лагъ суждаялда вугеб заман, нужеца гьениб дуг1а г1емер гьабе»*-абун. Х1адис имам Муслимица бицана.

Гьеб сужда гьаби буго цохIо Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ гурони жиб гьабизе бегьулареб гIамал. Сужда гьабулев чи цIакъ хIелун ва гIодогIанлъун вукIуна. Гьесул кинабго черхалъул хIалалъ ва ракьалда цузе гьабураб гьумералъ щибго рагIиго абичIониги бицунеб букIуна гьев лагъ кигIанав хIажатав вугев жиндир БетIергьан Аллагьасда.

Сордо къояда жаниб чанго нухалъ жинца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ сужда гьабулев инсан гьев Аллагьасда جَلَّجَلَالُهُ гIасилъи цIакъ гIажаибаб жо гьечIишха? Дунялалъул цо ханасе жинца сужда гьабулев мушрикасда кIозе бугодай гьев ханги тIаде валагьун вукIун гьесул амроялда гIасилъизе? Жинца Аллагьасе جَلَّجَلَالُهُ сужда гьабулев, хаду гьесул амроялдаги гIасилъулев инсан цIакъ ахIмакъав инсан вуго!

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул ГIалакъалъул<br>тафсир ва таржама хъван тIубана.<br>Кинабго реццги БетIергьан Аллагьасе буго.

سُورَةُ القَدْرِ

# 97. Суратул Къадри

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «сурату ГIабасаялда» хадуб.* Гьеб буго (80) абилеб сурат.

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

***Жив гурхIулев, гурхIел гIамав Аллагьасул цIаралдалъун.***

إِنَّآ أَنزَلْنَٰهُ فِى لَيْلَةِ ٱلْقَدْرِ ﴿١﴾

**1. ХIакълъунго Дица гьаб хирияб Къуръан рештIине гьабуна жиндир къадро кIудияб сордоялъ.**

ЛавхIул МахIфузалдаса босун гьеб Къуръан дунялалъул зодобе рештIине гьабуна. Цинги Жабраил малаикас къоло лъабго соналъ хIажат бихьун, дагь-дагь ккун жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда рештIине гьабуна.

وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا لَيْلَةُ ٱلْقَدْرِ ﴿٢﴾

**2. Дуда щибха лъалеб МухIаммад ﷺ гьеб Лайлатул Къадри щиб жо бугеб? Гьелъул хиралъи кигIан гIемераб бугеб?**

لَيْلَةُ ٱلْقَدْرِ خَيْرٌ مِّنْ أَلْفِ شَهْرٍ ﴿٣﴾

**3. Гьеб Лайлатул Къадри хирияб буго азарго моцIалдасаги.**

ЦохIо гьеб сордоялъ гьабураб лъикIаб гIамалалъул ажро-кири гIемераб букIуна азарго моцIалъ гьабураб гIамалалъул кириялдаса.

ГIалимзабаца абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бициндалго цересел умматазул гIадамал гIумру халатал рукIун цо чияс азарго моцIалъ тIаде ярагъги бан Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIоло гъазават гьабуна абун, Аварагасулги ﷺ муъминзабазулги хьул лъуна жидееги бугеб анищ гьединаб халатаб гIумру жидецаги Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ диналъе гIоло гъазават гьабун жидее ажро-кири щвезе абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дир уммат гьабун бугоха жиндир гIумруги къокъаб, гIамалги дагьаб»-абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас МухIаммадил ﷺ умматалъе гьаб лайлатул Къадриялъул сордо кьуна: цохIо гьеб сардилъ гьабураб лъикIаб гIамал азарго моцIалъ гьабураб лъикIаб гIамалалда данде букIунеб жиндир ажроялъул рахъалъан.

تَنَزَّلُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَٱلرُّوحُ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِم مِّن كُلِّ أَمْرٍ ﴿٤﴾

**4. Гьеб сордоялъ Жабраил малаик ва цогидал малаикзабиги ракьалда рештIуна Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ амро босун.**

**Гьеб сордоялдаса бай бихьун тIасияб соналъул гьединабго сордоялда щвезегIан Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир махлукъалъе къадар гьабураб хIукмуги босун ракьалда рештIуна гьел малаикзаби.**

سَلَٰمٌ هِيَ حَتَّىٰ مَطْلَعِ ٱلْفَجْرِ ۝٥

**5. Гьеб сордоялъ рогьел баккинегIан малаикзабаца г1ибадат гьабула ругел муъминзабазда «Салам-Салам»-абун гьезие тахIият гьабулеб букIуна.** Гьеб сордоялъ Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндир лагъзадерие лъикIаб жо гурони къадарги гьабуларо. Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ къадар кинабго лъикIаб буго, гьев жиндир лагъзадерида гурхIулевги вуго, амма инсан вуго цIакъ жагьилав, жинда лъикIабги квешабги жо батIа гьабизе лъаларев, жиндирго напсалъ, щайтIаналъ гуккун хьвадулев. Гьаб Лайлатул Къадриялъул сордо Рамазан моцIалъул ахираб анцIго сордояда жаниб букIуна. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьеб сордо балъго гьабун буго гьеб сордо тIалаб гьабун муъминзабаца гьеб анцIабго сордоялъ гIибадат гIемер гьабизе ва гьезие ажро-кириги гIемераб щвезе. Гьеб лайлатул къадриги щола, гьеб анц1абго сордоялъ г1ибадаталда ч1арав чиясе щаклъи гьеч1ого иншаАллагь. Цо-цо г1адамаца рицунел кьуч1 гьеч1ел харбазулъ ругел г1аламатал рихьинч1ониги.

Хирияб Къуръаналда Лайлатул Къадриялъул лъабго кIудияб хиралъи бицана:

- Гьеб сордоялъ гьабураб лъикIаб гIамал азарго моцIалъ гьабураб лъикIаб гIамалалда бащалъулеб букIин.
- Гьеб сордоялъ цо соналъул хIукму-къадар босун малаикзаби ракьалда рештIунел рукIин.
- Гьеб сордоялъ малаикзабаца муъминзабазе салам кьолеб букIин, гьел муъминзаби кIодо гьарун, гьел хира гьарун.

Суратул Къадриялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ буго.

## 98. Суратул Байийинат

سُورَةُ البَيِّنَةِ

*Жив гурхlулев, гурхlел гlамав Аллагьасул цlаралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

لَمۡ يَكُنِ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنۡ أَهۡلِ ٱلۡكِتَٰبِ وَٱلۡمُشۡرِكِينَ مُنفَكِّينَ حَتَّىٰ تَأۡتِيَهُمُ ٱلۡبَيِّنَةُ ١

1. **Жидеца Аллагьасда ﷻ инкар кколел гIадамал: Жидехъе тIехь рештIине гьабурал гIадамаздаса жал ругел ва Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчие лагълъи гьабулеллъунги жал ругел, гьал гIадамаца жидер купру-ширк течIо жидехъе баянаб хIужа-далил бачIараб мехалъ гурони.** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вачIараб мехалъ гьесда иман лъурал гIадамал руго гьаб аяталъ жидер бицен гьабурал гIадамал. Гьев хирияв авараг ﷺ вачIаниги купру-ширкалъул агьлуялъул гIемерисел жидерго къосиналда ва гIасилъиялда чIана.

رَسُولٌ مِّنَ ٱللَّهِ يَتۡلُواْ صُحُفًا مُّطَهَّرَةً ٢

2. **Гьезухъе бачIараб хIужа Аллагьасул ﷻ русул вуго: жинца гьезие** батIулаб, гьересияб жоялдаса **жал рацIцIадал Къуръаналъул аятал цIалулев.**

فِيهَا كُتُبٌ قَيِّمَةٌ ٣

3. **Гьел аятазулъ киналго жидер къадро тIадегIанал, Аллагьасул тIахьазулъ бугеб гIелму-диналъул баян буго ва тIаса бищараб, лъикIабщинаб жоги буго.**

وَمَا تَفَرَّقَ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ إِلَّا مِنۢ بَعۡدِ مَا جَآءَتۡهُمُ ٱلۡبَيِّنَةُ ٤

4. **Жидехъе тIехь кьурал гIадамал жидер диналъулъ рикьаричIо жидехъе Аллагьасул ﷻ рахъалъан хIакъаб, баянаб далил бачIун гурони.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вачIун хаду ккуна гьез гьев МухIаммадида ﷺ инкар, жидеда гьев хIакъав Аллагьасул ﷻ расул вукIин лъалеб букIингун цадахъ.

وَمَآ أُمِرُوٓاْ إِلَّا لِيَعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ حُنَفَآءَ وَيُقِيمُواْ ٱلصَّلَوٰةَ وَيُؤۡتُواْ ٱلزَّكَوٰةَۚ وَذَٰلِكَ دِينُ ٱلۡقَيِّمَةِ ٥

5. **Гьел гIадамазда амроги гьабулеб букIинчIо жидеца Аллагьасе ﷻ лагълъи гьабе абун гурони. Жидеца Аллагь ﷻ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун.**

**Цогидал киналго диналги тун жиб битIараб исламияб дин гьабе абун. Жидеца паризаял какалги рае, паризаяб закатги кье абун. Гьаб дин буго жиб битIараб дин.** Гьаб динги босун гьеб диналда

жанир щайха гьел гIадамал лъугьунарел?.

إِنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ
وَٱلْمُشْرِكِينَ فِى نَارِ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَآ ۚ أُوْلَٰٓئِكَ
هُمْ شَرُّ ٱلْبَرِيَّةِ ﴿٦﴾

**6. Х1акълъунго китабиязул Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ инкар ккурал гIадамалги, цогидал мушрикал, мажусиялги жужахIалъул цIада жанир рукIине руго даимго. Гьел руго кинабго халкъалъул бищунго квешал гIадамал.** ЦIогьабаздасаги квешал руго гьел: Жедеца Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ тIахьазда жаниса МухIаммад аварагасул صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ сифатал рикъун ругелъул. Гъачагъаздасаги квешал руго гьел. Жидеца хIакъаб диналда унел гIадамазе нух къотIизе гьабун бугелъул.

إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ
أُوْلَٰٓئِكَ هُمْ خَيْرُ ٱلْبَرِيَّةِ ﴿٧﴾

**7. Х1акълъунго жидеца Аллагьасда جَلَّ جَلَالُهُ иманги лъун аварагасда صَلَّى ٱللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ нахъги рилъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби руго кинабго халкъалъул бищунго лъикIал.** Гьел ругелъул жидеца Аллагьги جَلَّ جَلَالُهُ, гьесул расулги разилъи тIалаб гьабун, гьезул амру-нагью тIубазе гьабун хьвадарал гIадамал.

جَزَآؤُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ جَنَّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِى
مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۖ رَّضِىَ ٱللَّهُ
عَنْهُمْ وَرَضُواْ عَنْهُ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ خَشِىَ رَبَّهُۥ ﴿٨﴾

**8. Жидер БетIергьан Аллагьасда аскIоб гьезие бугеб жазаъ буго жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахал. Даимго рукIинелъун лъугьине гьарула гьел алжаналда жанир. Гьездаса Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъун вукIуна ва гьел Аллагьасдасаги جَلَّ جَلَالُهُ разилъун рукIуна. Гьаб тIадегIанаб макъам буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ разилъи тIалаб гьабун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарал муъминзабазе бугеб.** Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьаб макъам щолеб г1амал гьабизе тавпикъ гьабеги!

Суратул Байинаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго.

# 99. Сурату Ззалзалат

سُورَةُ الزَّلْزَلَةِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

إِذَا زُلْزِلَتِ ٱلْأَرْضُ زِلْزَالَهَا ﴿١﴾

**1. ЦIакъ кутакаб багъарияллдалъун ракь багъарараб мехалъ.**

وَأَخْرَجَتِ ٱلْأَرْضُ أَثْقَالَهَا ﴿٢﴾

**2. Гьеб ракьалъ жинда жаниб букIараб бакIлъиги къватIибе рехараб мехалъ.**

Хварал гIадамазул хутIелал ва хазина-магIданги къватIибе рехараб мехалъ.

وَقَالَ ٱلْإِنسَٰنُ مَا لَهَا ﴿٣﴾

**3. ГIажаиблъи гьабун, хIинкъун инсанасги абураб мехалъ: «Гьаб ракьалъе къваригIараб жого щиб бугеб?!»-абун.**

يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا ﴿٤﴾

**4. Гьеб къоялъ ракьалъ бицуна кинабго жиндир хабар.**

Гьеб хабарги букIуна щивав инсанас жиндир мугъалда тIад гьабураб гIамалалъе ракьалъ нугIлъи гьаби.

بِأَنَّ رَبَّكَ أَوْحَىٰ لَهَا ﴿٥﴾

**5. Х1акълъунго гьеб хабар бициги дур бет1ергьан Аллагьас гьеб ракьлда амро гьабиялъ букIуна.** Ва гьелъие кIалъазе гьунар кьеялдалъун букIуна.

يَوْمَئِذٍ يَصْدُرُ ٱلنَّاسُ أَشْتَاتًا لِّيُرَوْا۟ أَعْمَٰلَهُمْ ﴿٦﴾

**6. Гьаб къиямасеб къоялъ кинабго халкъ къукъаби гьарун тIаде рахъун МахIшаралда ракIарун рачIуна жидеца дунялалда гьабураб гIамал бихьине ва гьелъул жазаъги бихьине.**

فَمَن يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ خَيْرًا يَرَهُۥ ﴿٧﴾

**7. Жинца цохIо зарра гIадабги лъикIлъи гьабун букIарав чиясда гьелъул лъикIаб жазаъ бихьине буго.**

وَمَن يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَرَهُۥ ﴿٨﴾

**8. Жинца цохIо зарра гIадабги квешаб гIамал гьабун букIарав чиясда гьелъул квешаб жазаъги бихьине буго.**

Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ цIоб рахIматалдалъун лъикIлъи гIемерго цIикIине гьаби, мунагьаздаса тIаса лъугьун тей Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ ихтияралда бугеб, гьес жиндие бокьухъин гьабулеб иш буго. Къокъаб хIасил буго щивниги инсанасе лъикIлъи гьабун гурони БетIергьан Аллагьас гьесие зулму ва зарал гьабизе гьечIо.

# 100. Суратул ГIа́дия́т

سُورَةُ العَادِيَات

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул ГIассралда» хадуб.* Гьеб буго (103) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Жал цIакъ рекерун тушманасде тIаде унел, жидер гьекиялъул (хIухьел цIай) гьаракьги рагIулел мужагьидазул чуялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** وَٱلْعَٰدِيَٰتِ ضَبْحًا ۝١

**2. Жидер хIатIаздалъун чIинхаздаса цIаги пирхизе гьабулел.** فَٱلْمُورِيَٰتِ قَدْحًا ۝٢

**3. Рогьалил гIужалъ тушманасда тIад гъара гьабун жал кIанцIулел.** فَٱلْمُغِيرَٰتِ صُبْحًا ۝٣

**4. Цинги гьениб кутакаб хIур бахъине гьабулел.** فَأَثَرْنَ بِهِۦ نَقْعًا ۝٤

**5. Жал тушманасул боязда гьоркьорги журалел чуялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** فَوَسَطْنَ بِهِۦ جَمْعًا ۝٥

**6. ХIакълъунго инсан Аллагьасул** جَلَّ جَلَالُهُ **нигIмтазда жинца инкар кколев вуго.** إِنَّ ٱلْإِنسَٰنَ لِرَبِّهِۦ لَكَنُودٌ ۝٦

Жиндие бугеб кинабго лъикIлъи кIочолев, цодагьабго къварилъи бихьани жив зигардулев вуго.

**7. Х1акълъунго жив нигIмтазда инкар кколев, къварилъи хIехьезе кIоларев вукIиналъе инсанас жинцаго нугIлъиги гьабулеб буго.** وَإِنَّهُۥ عَلَىٰ ذَٰلِكَ لَشَهِيدٌ ۝٧

**8. Х1акълъунго гьев инсан жиндие цIакъ дунялалъул лъикIабщинаб жо бокьулев вуго.** وَإِنَّهُۥ لِحُبِّ ٱلْخَيْرِ لَشَدِيدٌ ۝٨

Амма ахират кIочарав, Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ гIибадат гьабизе жив кIвахIалавги вуго.

**9. Гьав инсанасда лъаларищ хобазда жанир рукIарал гIадамал тIаде рахъине гьарураб мехалъ,** ۞ أَفَلَا يَعْلَمُ إِذَا بُعْثِرَ مَا فِى ٱلْقُبُورِ ۝٩

**10. Гьезул ракIазда бугеб щинаб жоги Аллагьасда** جَلَّ جَلَالُهُ **цебе загьир** وَحُصِّلَ مَا فِى ٱلصُّدُورِ ۝١٠

**гьабураб мехалъ,**

إِنَّ رَبَّهُم بِهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّخَبِيرٌۢ ﴿١١﴾

**11. Х1акълъунго жидер БетIергьан Аллагь**
**гьезул кинабго хIал жинда лъалев вукIин**
**ва гьезие хIисаб-мизан гьабун Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жазаъ гьабизе**
**букIинги.**

# 101. Суратул Къа́ригIат

سُورَةُ القَارِعَةِ

*Гъаб сурат рештIине гъабуна «сурату Къурайшалда» хадуб.* Гьеб буго (106) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1.2.3. Жинца ракIал хIинкъизе гьарулеб, мугIрул щобал щущазе гьабулеб, зобал рахъизе гьабулеб, жиндир амро цIакъ кIудияб къиямасеб къо щиб жо бугеб дуда щибха лъалеб, я гьав инсан!**
Исрафил малаикас авалаб ссуралъуб пуялдалъун жиб бай бихьулеб, кинабго халкъалъул хIисаб-мизан гьабун гьел цоял алжаназда, цогидал жужахIалда жанир лъугьизе гьарураб мехалъ жиб тIубалеб жо буго къиямасеб къо. Гьелдаса хадуб жиб абадияб ахиарат буго.

الْقَارِعَةُ ﴿١﴾ مَا الْقَارِعَةُ ﴿٢﴾ وَمَا أَدْرَاكَ مَا الْقَارِعَةُ ﴿٣﴾

**4. Гьеб къоялъ гIадамал рукIуна ракьалда тIибитIараб гарцIазул боялгIадин махIшаралде ракIарун унел.**

يَوْمَ يَكُونُ النَّاسُ كَالْفَرَاشِ الْمَبْثُوثِ ﴿٤﴾

**5. Гьеб къоялъ мугIрулги самараб квас гIадин тамахлъун гIодоре гьарщун рукIуна.** Кинабго ракьги цо майдан лъугьун букIуна.

وَتَكُونُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ الْمَنْفُوشِ ﴿٥﴾

**6.7. Жиндир лъикIаб гIамалалдалъун цIадира бакIлъарав чи жив разияб чIаголъиялда алжаназда жанив вукIине вуго.**

فَأَمَّا مَنْ ثَقُلَتْ مَوَازِينُهُ ﴿٦﴾ فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَاضِيَةٍ ﴿٧﴾

**8.9. Амма жиндир лъикIаб гIамал цIадираялда тIадагьлъарав чи вуссунеб бакI жагьанама буго.**

وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَازِينُهُ ﴿٨﴾ فَأُمُّهُ هَاوِيَةٌ ﴿٩﴾

**10. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан гьеб жагьаннама щиб жо бугеб:**

وَمَا أَدْرَاكَ مَا هِيَهْ ﴿١٠﴾

**11. Гьеб буго жиб цIакъ боркьараб жужахIалъул цIа.**
ГIемерисел гIалимзаби жинда рекъараб ракIи буго къиямасеб къоялъ гIамалал цIай цIадирабазда тIадги лъун букIине буго абураб рагIи. Жиб цIалеб жо я лагъзадерил гIамал хъварал кагътал рукIина, яги гьел гIамалазе Аллагьасе جَلَّ جَلَالُهُ бокьараб черхги гьабун гьеб черх цIала. Жинда Аллагь разилъаяв ибну Г1аббасидаса бицараб

نَارٌ حَامِيَةٌ ﴿١١﴾

хIадисалда буго: *«Муъминзабазул лъикIал гIамалал цIакъ берцинаб сифат-сураталда рукIуна. Квешал гIамалал къабихIаб сураталда рукIана. Жиндир лъикIал гIамалал цIадироялда бергьарав чи бахьи бугев чи вуго. Жиндир квешаб гIамал цIадироялда бергьарав чи бахьи къосарав чи вуго»*-абун.

## 102. Сурату Ттака́ˆсур

سُورَةُ التَّكَاثُرِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «суратул Кавсаралдаса» хадуб.* Гьеб буго (108) абилеб сурат.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

أَلْهَىٰكُمُ التَّكَاثُرُ ﴿١﴾

**1. Нуж Аллагьасе ﷻ гIибадат гьабиялдаса машгъул гьарун руго я гьал гIадамал, нуж боцIи мал, лъимал-хъизан гIемерлъиялдалъун цо-цалаздаса бергьине бокьун къецандулел рукIиналъ.**

حَتَّىٰ زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ ﴿٢﴾

**2. Гьеб хIалалда нужги рукIадго нуж хун хабалалъеги ине руго.**

كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٣﴾

**3. Нуж гьеб гIамалалдаса русса ва нуж Аллагьасул ﷻ гIазабалдаса хIинкъа.**

**Нужеда нахъе лъазе буго гьеб нужер ахIмакъаб хьвадиялъул кинаб квешаб ахир букIунеблъи!**

ثُمَّ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٤﴾

**4. Ахираталда щвараб мехалъ ва нужеда Аллагьасул ﷻ гIазабги щвараб мехалъ лъазе буго нужеда гьеб!**

كَلَّا لَوْ تَعْلَمُونَ عِلْمَ الْيَقِينِ ﴿٥﴾

**5. Нужеца гьеб квешаб гIамал те! Нужеда гьеб ишалъул хIакъикъат лъалеб букIарабани нуж дунялалъ гуккун, ахират кIочон хьвадизе рукIинчIо.**

لَتَرَوُنَّ الْجَحِيمَ ﴿٦﴾
ثُمَّ لَتَرَوُنَّهَا عَيْنَ الْيَقِينِ ﴿٧﴾

**6.7. БичасхIаги нужеда жужахI бихьизе буго ва нужеда гьеб якъинго нужер беразда бихьизе буго.**

ثُمَّ لَتُسْأَلُنَّ يَوْمَئِذٍ عَنِ النَّعِيمِ ﴿٨﴾

**8. Цинги гьеб къоялъ нужеда гьикъизе буго дунялалда Аллагьас ﷻ нужее кьурал нигIматал кин нужеца харж гьабурал абун.**

Чорхое кьураб сахлъиги, бералъе кьураб канлъи бихьиги, гьуинал, лазатал тIагIамалги, тамахал тахалги, рекIел гъеялъе кьурал хъизанги кин нужеца хьвадизе гьабураб абун.

Жинда Аллагь разилъаяв абу Гьурайратидаса имам Муслимица бицараб хIадисалда буго: *«Цо нухалъ Аллагьасул Свалат салам лъеяв аварag рукъоса къватIиве вахъараб мехалъ гьесда данде ккана жидеда Аллагь разилъаял Абубакр ва ГIумар асхIаб. «Гьаб гIужалъ*

*нуж къвитIире рахъине гьабураб жо щиб бугеб?!-абун аварагас* ﷺ *гьикъидалго гьев кIиясго абуна: «Ракъиналъ рахъине гьаруна нижж»-абун. Хирияв аварагасги* ﷺ *абуна: «Валлагьи, дунги гьеб вакъиналъ къватIиве вахъине гьавурав вуго»-абун. Цинги гьел цо Ансариясул бакIалде ун гьес берцинаб гьоболлъи гьабун квен кванан, лъим гьекъон гIорцIараб мехалъ аварагас* ﷺ *абуна: «Дир нафс жинда кодоб бугев Аллагьасул* جَلَّ جَلَالُهُ *цIаралдалъун гьедулев вуго дун! Къиямасеб къоялъ гьал нигIматазулги кIал гьикъи букIине буго. Нуж ракъиналъ рукъоса къватIире рахъине гьарун рукIана, гьанже гьал нигIмталги кванан рукъоре руссунел руго»*-абун (хIадис къокъ гьабун хъвана).

# 103. Суратул Г1аср

سُورَةُ العَصۡرِ

*Гьаб сурат рештIине гьабуна «сурату ЩархIалда» хадуб.* Гьеб буго (94) абилеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلۡعَصۡرِ ١ إِنَّ ٱلۡإِنسَٰنَ لَفِي خُسۡرٍ ٢

1.2. Жинда жаниб гIемераб гIажаибаб жо бугеб **заманалхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь: «хIакълъунго инсан чIового хутIиналъулъ, дунялалъ ва щайтIаналъ гуккиналъулъ вуго»-абун.**

Къатадат абулев гIалимас абуна: Бакъанил гIужалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь ﷻ, гьев зухIаялъул гIужалхIаги абун гьедун вукIарав гIадинго абун.

إِلَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَعَمِلُواْ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَتَوَاصَوۡاْ بِٱلۡحَقِّ وَتَوَاصَوۡاْ بِٱلصَّبۡرِ ٣

3. **Жал чIорого хутIарал гьечIо жидеца Аллагьасда ﷻ иманги лъун аварагасда ﷺ нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби. Жидеца цо-цалазда хIакъаб диналда чIа абун амро-васият гьабулел, гьеб хIакъаб диналда рукIадго тIаде рачIунел къварилъабазда сабро гьабе абунги цоцаде васият гьабулел.** Гьаб цохIо аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас инсан тIовитIулебункъго кIудияб асло бицун буго:

1- Аллагьасда ﷻ иман лъей.

2- Аллагьас ﷻ ва гьесул расулас ﷺ абухъин лъикIаб гIамал гьаби.

3- Муъминзабаца цоцалазда амру-нагью гьаби, лъикIаб-квешаб жо лъазе гьаби.

4- ХIакъаб диналда чIеялдалъун ва къварилъиялда сабро гьабе абун цо-цалазда васият гьабиги.

Гьаб аяталъ абухъин хьвадарав чияс жиндирго нафс камил гьабула Аллагьасда ﷻ иман лъун ва гьесие тIагIат гIибадат гьабун. Цогидал гIадамазул нафсги камил гьабула гьезда хIакъаб жоялдалъун амро ва васият гьабун.

Жинда Аллагь разилъаяв имам ШафигIияс абуна: «ГIадамаз цохIо гьаб сураталъул пикру гьабулеб букIарабани гьезие гьеб сурат гIезе

букIана»-абун.

Имам Байгьакъияс жинда Аллагь разилъаяв абу ХIузайфатидаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул асхIабзабазул кIиго чи данделъараб мехалъ гьев кIиявго цо-цадаса ратIалъулел рукIинчIо гьезул цояс «ВалгIасри» абураб сурат цIалун цинги цоцалазе саламги кьун гурони»*-абун. Х1адис Т1абаранияс бицана.

Жинда гIамал гьабизе рекъараб ва гьеб гIамал гьабизе бигьаяб хIадис буго.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ тавфикъ гьабеги лъикIаб гIамал гьабизе. Амин.

# 104. Суратул Гъумазат

سُورَةُ الهُمَزَةِ

*Гъаб сурат рештIине гъабуна «суратул Къияматалда» хадуб.* Гъеб буго (75) абулеб сурат.

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIине буго кинавниги жинца гIадамазда гIайиб чIвалев, гьезде гъибат гьабулев, нахъаса кIалъалев чиясе.**

وَيْلٌ لِّكُلِّ هُمَزَةٍ لُّمَزَةٍ ١

**2. Жинца гIемераб дунялалъул магIишатги данде гьабун, гьеб рикIкIун, гьелъул гIемерлъиялдаса вохун жив хьвадулев.**

ٱلَّذِى جَمَعَ مَالًا وَعَدَّدَهُۥ ٢

**3. Жинда ракIалдеги колев х1акълъунго гьеб магIишаталъ жив дунялалда даимго хутIизе гьавила абун.**

يَحْسَبُ أَنَّ مَالَهُۥٓ أَخْلَدَهُۥ ٣

Жинца закат сахIги кьоларев сунатаб садакъаги кьоларев, гьеб магIишаталъе лагълъи гьабун живги хьвадулев.

**4. Гьесул ракIалде кковухъин гьечIо амро! БичасхIаги гьев чи жужахIалда жанив рехине вуго.**

كَلَّا ۖ لَيُنۢبَذَنَّ فِى ٱلْحُطَمَةِ ٤

**5. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан, гьеб жужахI щиб жо бугеб?**

وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا ٱلْحُطَمَةُ ٥

Дуда гьеб жегиги бихьун гьечIелъул гьелъул сифат-сурат дуда лъаларо.

**6.7. Кутакалда жиб боркьараб, жинца ракIал рухIулеб, Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндалъун капурзабазе гIазаб гьабулеб цIа буго гьеб.**

نَارُ ٱللَّهِ ٱلْمُوقَدَةُ ٦
ٱلَّتِى تَطَّلِعُ عَلَى ٱلْأَفْـِٔدَةِ ٧

**8.9. Х1акълъунго Гьеб цIа гьезда тIад тIалъел лъураб гIадин букIуна, цIадул хIубазда жанир ругел гIадин гьелги рукIуна.**

إِنَّهَا عَلَيْهِم مُّؤْصَدَةٌ ٨
فِى عَمَدٍ مُّمَدَّدَةٍۭ ٩

Жидер хIатIал-кверал рахсал гудрал ран горбодеги рухьун рукIуна. Жидее щибго хвасарлъи ва бигьалъиги букIунаро.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги гьаб жужахI тIад гьабулеб гIамалалдаса! Амин.

# 105. Суратул Фил

سُورَةُ الفِيلِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِأَصْحَٰبِ ٱلْفِيلِ ﴿١﴾

**1. Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьас пилалги рачун КагIба рукъ биххизабизе абун рачIарал гIадамазе кинаб гIазаб гьабураблъи!.**

أَلَمْ يَجْعَلْ كَيْدَهُمْ فِى تَضْلِيلٍ ﴿٢﴾

**2. Гьезул макро Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ цIакъ хвезе гьабичIишха!**

وَأَرْسَلَ عَلَيْهِمْ طَيْرًا أَبَابِيلَ ﴿٣﴾

**3. Гьезда тIаде Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ хIанчIазул боялги ритIана.**

تَرْمِيهِم بِحِجَارَةٍ مِّن سِجِّيلٍ ﴿٤﴾

**4. Гьеб щибаб хIинчIалъ гьезда тIаде речIчIана жужахIалъул ракь бухIун лъугьарал чIинхал.**

Гьеб чIимих тIаде щварав чи гьелъ ворлълъунев вукIана. Щивасул цIар тIаде хъвараб букIана гьаб чIимих абуна цо гIалимзабаца.

فَجَعَلَهُمْ كَعَصْفٍ مَّأْكُولٍ ﴿٥﴾

**5. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьел гIадамалги гьаруна хIайваназ жиб кванараб ва гьезул хIатIаз мерхьун хвезе гьабураб тIамахалда релълъун.**

Гьаб сураталъе тафсир гьабурал гIалимзабаца абуна: «Абрагьатул Ашрам»-абулев Яманалъул ханас СангIаъ абулеб шагьаралда килиса бана ва КагIба рукъалда тIаваф гьабизе унел гIадамал гьенире ине гьукъун гьеб жиндир килисаялда тIаваф гьабиялда рачине къасд гьабуна. Кинанат къабилаталъул цо чи сардилъ гьеб килисаялда жанив лъугьун, жинца гьениб хъублъи гьабуна ва гьеб хъублъи килисаялъул къадазда бахана. Цинги Абрагьатил цIакъ ццим бахъана ва жинца КагIба рукъ биххичIого теларо абун гьаги гьедана. ГIемерал боялги цадахъ рачун, кутакал пилалги рачун вачIун Абрагьат Маккаялъул рагIалде рештIана. Гьесул зулмуялдаса хIинкъун Маккаялъул агьлоги кIкIалахъе, нохъабакье рахчана. Абрагьатил аскараз Маккаялъул агьлуялъул варанаби ва гIиял хъвехъулел ва кваналел рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул кIудияв эмен ГIабдулмутIалибил кIинусго варани букIана. Гьел варанаби Абрагьатилаз ракIарун индалго ГIабдулмутIалиб Абрагьатиде тIаде ана ва гьев вугеб бакIалда жанив лъугьине изну тIалаб гьабуна. Гьев жаниве виччан Абрагьатица

таржамачиясда абуна гьесда гьикъеян жиндир хIажат щиб бугеб абун. ГIабдулмутIалибица жиндир хIажат бициндалго Абрагьатица абуна: «Дун разилъун вукIана мун вихьараб мехалъ: Мун гIакъло бугев, Къурайшиязул ханзабазул чи вуго абун. Амма дур варанабазул бицун мун кIалъадалго дида мун рихана. Дуца дир аскараз рачарал варанаби тIалаб гьабулел руго, дурги дур умумузулги динлъун ва чIухIилъун бугеб КагIба рукъалъул бицунебго гьечIо»-абун. ГIабдулмутIалибица абуна: «Дун вуго варанабазул бетIергьан. Гьеб КагIба рукъалъул БетIергьан цогидав вуго. Гьес нахъе чIвазе вуго мун КагIба рукъалъе зарал гьабиядаса»-абун Абрагьатица абуна: «Дун гьелдаса нахъе чIвалеб щибго жо гьечIо!»-абун. ГIабдулмутIалибица абуна: «Гьелеха КагIба рукъ ва гьелеха мунги»-абун. (ай: дуего бокьараб гьабеха абураб магIна буго гьаб рагIиялъул) Абрагьатица гьесул варанаби нахъе кьуна ва ГIабдулмутIалиб КагIба рукъалъул нуцIил гIекIалги ккун Аллагьасде ﷻгьарун назмо гьабун хIелулев вукIана.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас Абрагьатил аскаразда тIад хIанчIазул боял риччана ва гьез чIинхал речIчIун гьалаг гьарун гьезул рижиго бакъвазе гьабуна. Квешаб унти баккун, жиндир гьан турун, кутакаб гIазаб чIамун Абрагьатги хвана.

Гьаб соналда гIарабияз «пилалъул сон»-абула. Гьаб соналъ гьавуна хирияв авараг ﷺ абунги абуна гIалимзабаца. Гьаб къиса бицун ТIадегIанав Аллагьас Маккаялъул агьлу кантIизе гьарулел руго жидее ругел кIудиял нигIматазда ва Аллагьасда ﷻ иман лъун, хъанчие лагълъи гьаби жибго тун, жидехъе витIарав аварагасде ﷺ нахърилълъун хьвадиялда ахIулел руго.

## 106. Сурату Къурайш

سُورَةُ قُرَيْشٍ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

**1. Къурайшиял ругьунлъун рукIиналъе гIоло гочарулеб гIумру гьабиялда.** لِإِيلَٰفِ قُرَيْشٍ ١

Гьел цоцаде тушманлъи гьечIого цоцалъ рекъонги рукIиналъе гIоло.

**2. Гьел хасало Яманалда ун, риидал Шамалда ун даран-базар гьабун яшав гьабиналда ругьунал рукIиналъе гIоло.** إِۦلَٰفِهِمْ رِحْلَةَ ٱلشِّتَآءِ وَٱلصَّيْفِ ٢

**3. Жидеца гIибадат гьабе абе гьаб КагIба рукъалъул БетIергьан Аллагьасе.** فَلْيَعْبُدُوا۟ رَبَّ هَٰذَا ٱلْبَيْتِ ٣

**4. Жидее ракъинчIого рукIунеб хIалалхъ тIагIам кьурав, жал тушманасул зaралдасаги цIунарав.** ٱلَّذِىٓ أَطْعَمَهُم مِّن جُوعٍ وَءَامَنَهُم مِّنْ خَوْفٍۭ ٤

Хур-хер бижунареб хъачIаб, бакъвараб ракьалда рукIун жал цIакъ ракъун рукIарал, цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ даран-базаралда хьвадизе ругьун гьарун бечед гьарурал. Сверухъ ругел гIарабияз рагъал гьарун къварид гьарулел рукIарал, цинги Аллагьас جَلَّجَلَالُهُ Ибрагьим аварагасул عَلَيْهِالسَّلَامُ дугIаялъе жаваб гьабун, КагIба рукъалъул хIурмат гьабун жидеда гIадамаз рагъ гьабуларел, жидер адаб хIурмат гьабулеллъун гьарурал. Гьал нигIматал жидее кьун рукIин лъалебги букIадго гьез Аллагь جَلَّجَلَالُهُ цо гьавун гьесие гIибадат бацIад щай гьабулареб?!

Пахру Рази абулев имамас абуна: Аллагьасул جَلَّجَلَالُهُ нигIматал кьей кIиго тайпаялда буго: <u>Цо тайпа буго</u> балагьал нахъе чIвай. Гьеб нигIмат Маккаялъул агьлуялъе кьуна пилазул бояздаса гьезул шагьарги цIунун, цогидал гIадамалги гьеб шагьаралда тушманлъи гьабизе хIинкъизе гьарун.

<u>КIиабилеб тайпа буго</u> жидее мунфагIатал гIатIид гьари. Гьеб нигIмат Маккаялъул агьлуялъе гьабуна гьаб сураталда жаниб бицараб жоялдалъун. Гьаб амро гьадин бугеб мехалъ гьал кIудиял нигIматазе жидеца щукру гьабичIого рукIин цIакъ кIудияб ахIмакълъи гьечIишха?!.

Жегиги КагIба рукъалъул БетIергьан Аллагьги живго тун, гьеб рукъ хъанчазулги цIезе гьабун гьезие лагълъи гьаби кигIан ахIмакъаб ва къабихIаб гIамал бугеб?!

# 107. Суратул Ма́гIу́н

سُورَةُ المَاعُون

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

أَرَءَيْتَ ٱلَّذِى يُكَذِّبُ بِٱلدِّينِ ﴿١﴾

**1. Дуца пикру гьабуларищ я гьав инсан, жинца ахират гьереси гьабулев чиясул ахIмакълъиялъул.**

فَذَٰلِكَ ٱلَّذِى يَدُعُّ ٱلْيَتِيمَ ﴿٢﴾

**2. Гьев чи вуго жинца ятимасе зулму гьабулев.**

Гьев довегIан къазе гьавулев, гьесие гьумер букIкIунев.

وَلَا يَحُضُّ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلْمِسْكِينِ ﴿٣﴾

**3. Жинца мискинчиясе тIагIам кьоларев ва цогидалги гьесие тIагIам кьеялда гьесизе гьаруларев.**

Жиндир боцIи кьезе живго бахиллъараб гIечIого цогидаз кьолеб жоялдаги жив бахиллъулев.

فَوَيْلٌ لِّلْمُصَلِّينَ ﴿٤﴾
ٱلَّذِينَ هُمْ عَن صَلَاتِهِمْ سَاهُونَ ﴿٥﴾

**4.5. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи буго жидеца балеб какалдаса жал сагьвиллъулел гIадамазе!**

Мунапикъзаби руго гьел. Как бана абун гьелъул кири щвеялда жадер хьул лъоларел, гьеб бачIого тана абун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ гIазабалдасаги жал хIинкъуларел. ГIадамазе бихьулеб бакIалда как балел, цогидаб бакIалда бачIого толел.

ٱلَّذِينَ هُمْ يُرَآءُونَ ﴿٦﴾

**6. Гьел руго жидеца кинабго гIамал чIухIи-реццалъе, гIадамал разилъи бокьун бихьдае гьабулел.**

وَيَمْنَعُونَ ٱلْمَاعُونَ ﴿٧﴾

**7. Жидеца гIадамазул хIажат тIубайги нахъе чIвалел.**

ГIиси-бикъинаб: РокIкIен-квар гIадаб, цIан-лъим гIадаб жоги мадугьаласе ва мискин пакъирасе кьоларел.

Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ нилъ цIунаги гьаб къавмалда релълъун рукIиналдаса. Амин.

ГIадамал разилъи тIалаб гьабун гIамал гьабиги ширк буго, гьелда абула гьит1инаб ширк абун. Киниги гьев чи капурчи вуго абизе бегьуларо, к1удияб ширкалъ гурого чи исламалдаса инзавуларо.

## 108. Суратул Кавŝар

سُورَةُ الكَوثَرِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**1. Х1акълъунго Дица дуе кьуна МухIаммад** إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ ﴿١﴾ ﷺ дунялалда ва ахираталда цIакъ гIемераб лъикIлъи, **ахираталда кавсар абулеб г1орги кьуна.**

Гьеб лъикIлъи буго аварглъи кьей, Къуръан жинда рештIине гьаби, гIелму ва хIикмат кьей, шапагIат гьабизе изну кьей, ахираталда умматалъ жиндаса гьекъолеб хIавз (ицц) кьей, ахираталда жиб бецдараб бакI кьей, жиндир уммат гIемераб букIин, тушбабазда тIад квер бакъи гьаби. Ракьалда тIад исламияб дин тIибитIизе гьаби, ва гьел гурелги гIемерал нигIматал руго Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ жиндие хирияв аварагасе ﷺ кьурал.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Кавсар абулеб гIор буго алжаналда жаниб. Жиндир хьалбал меседил, жиндир тIино жавгьар-якъуталъул. Жиндир ракьалъул махI мискалдасаги гьуинаб, жиндир лъим гьоцIоялдасаги гьуинаб»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

**2. Гьал кIудиял нигIматал кьун мун хира** فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ ﴿٢﴾ **гьавурав дур БетIергьан Аллагьасе как бае дуца, цоги щибго жоялъе баге.**

**Гьев Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **кIодо гьавун гьесие щукру гьабун варанабиги хьве?** Мушрикаца гIадин хъанчазе лагълъи гьабуге, гьезие боцIиги хъоге.

**3. Х1акълъунго дудахун жинца хIалхъублъи** إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ ﴿٣﴾ **гьабулев дур тушман вуго жиндир хьон бакъварав.**

Гьев вугелъул ахираталда жив жужахIалда жанив унев.

Гьаб сурат рештIине гьабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул Алкъасим абулев вас хвараб мехалъ АлгIаси абулев мушрикас абуна: «Нужеца гьев МухIаммад ﷺ рехxун те! Гьев вуго жиндир хьон бакъварав, жиндир насло нахъе гьечIев чи. Гьев хвараб мехалъ гьесул хабар тIагIине буго ва гьев цониги чияс рехсезе гьечIо»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас гьаб сурат рештIине гьабуна ва гьев АлгIаси вукIин бицана жиндир хьон бакъварав чи. Гьесул лъимал хъизан

бугониги гьев Алагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьавурав чи вугелъул, гьев вукIуна жиндир хьон бакъварав ва талихI къарав чи.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул рехсей къиямасеб къо щвезегIан нахъе хутIулеб буго. Кинабго заманаялъ, кинабго бакIалда ва киналго мацIаздалъун гьесие реццги гьабулеб буго. Алх1амдулиллагь.

# 109. Суратул Кафирун

سُورَةُ الكَافِرُونَ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав*
*Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْكَٰفِرُونَ ﴿١﴾

**1. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Я гьал Аллагьасда ﷻ инкар ккурал гIадамал!**

لَآ أَعْبُدُ مَا تَعْبُدُونَ ﴿٢﴾

**2. Дица лагълъи гьабулеб гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

وَلَآ أَنتُمْ عَٰبِدُونَ مَآ أَعْبُدُ ﴿٣﴾

**3. Нужецаги лагълъи гьабулеб гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе ﷻ.**

وَلَآ أَنَا۠ عَابِدٌ مَّا عَبَدتُّمْ ﴿٤﴾

**4. Дица кидаго лагълъи гьабизе гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

وَلَآ أَنتُمْ عَٰبِدُونَ مَآ أَعْبُدُ ﴿٥﴾

**5. Нужецаги лагълъи гьабизе гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе ﷻ.**

لَكُمْ دِينُكُمْ وَلِىَ دِينِ ﴿٦﴾

**6. Нужее буго нужер дин:** Аллагьасда ﷻ ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьаби. **Дие буго дир дин:** Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бацIад гьаби. Нужерги дирги дин кидаго цоцаде тушманлъи бугеб буго.

Гьаб сурат рештIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Къурайшияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: «Дуца цо соналъ нижер алагьзабазе лагълъи гьабе, нижеца цо соналъ дур Аллагьасеги ﷻ лагълъи гьабила»-абун. Гьезие аврагас жаваб гьабуна: «Аллагьас ﷻ цIунаги дун дица гьесдехун ширк гьабиялдаса!»-абун. Цинги Къурайшияз абуна: «Дуца нижер алагьазда кверглаги хъатIизе гьабе, цинги нижеца мун ритIухъ гьавизе вуго ва дур Аллагьасе ﷻ лагълъиги гьабизе буго»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагасда ﷺ гьаб сурат рештIине гьабуна ва гьев хехго КагIба рукъалда ана. Гьенир рукIарун Къурайшиязул жамагIатги букIана. Гьезда аскIов вахъунги чIун, киназдаго рагIине гьабун аварагас ﷺ гьаб сурат цIалана ва гьезул хьул къотIана МухIаммад ﷺ жиндир диналдаса вусиналдаса. Цинги гьез гIемераб къаврилъиги гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва жидеда Аллагь разилъаял гьесул асхIабзабазе.

# 110. Сурату Насср

سُورَةُ النَّصْرِ

*Мадинаялда жиб рештIине гьабураб жинда жаниб лъабго аят бугеб. Гьаб буго суратазул бищунго ахиралда рештIине гьабураб. Гьалда цебе сурату Тавбат рештIине гьабуна, капурзабазда рагъ бай абун жиндилъ амру гьабураб.*

***Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.***

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

إِذَا جَاءَ نَصْرُ اللَّهِ وَالْفَتْحُ ﴿١﴾

**1. Дуе БетIергьан Аллагьасул квер бакъи бачIана.**

Дур тушбабазда тIад дуе бергьенлъи кьуна.

Дуе жиб хирияб дур ватIан, жинда жаниб хирияб КагIба рукъ бугеб Макка шагьарги дуе рагьана.

وَرَأَيْتَ النَّاسَ يَدْخُلُونَ فِي دِينِ اللَّهِ أَفْوَاجًا ﴿٢﴾

**2. Гьеб Макка рагьун хадуб дуда гIадамалги рахьана исламияб диналда жал рачIунел къукъаби гьарун, рагъго гьабичIого.**

Гьаб буго Макка бахъинелде цебе рештIине гьабураб сурат. Гьаб Макка бихъизе букIин бицин ва гIарабиял къукъаби гьарун исламияб диналда рачIине рукIин бициги аварагасе ﷺ бугеб мугIжизат буго, Къуръан Аллагьасул ﷻ калам букIиналъе далилги буго.

Ибну Касирица абуна: «ГIарабиязул жамагIатал ралагьун чIун рукIана Макка шагьар бахъиладай аварагас ﷺ абун. Гьеб Макка шагьар бахъани гьев хIакъав авараг ﷺ вукIине вугин абулеб букIана гIарабияз. Макка бахъун хадуб киналго гIарабиял исламияб диналда рачIине лъугьана ва кIиго соналда жаниб тIобараб гIарабиязул жазират (полуостров) исламияблъун лъугьана»-абун.

فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَاسْتَغْفِرْهُ إِنَّهُ كَانَ تَوَّابًا ﴿٣﴾

**3. Дуца Аллагьасе ﷻ тасбихI гьабе: гьев кIодо гьавун ва гьев Аллагьас ﷻ дуе кьурал кIудиял нигIматазда щукру гьабун.**

**Дуца гьев Аллагьасда ﷻ дур ва дур умматалъул мунагьал рахчиги тIалаб гьабе. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца тавбо къабул гьабулев, жиндир гурхIел рахIмо гIемерав вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIумарица абуна: Гьаб сурат рештIине гьабуна Минаялда (хIеж гьабулеб мехалъ сардал ралеб бакI) Аллагьасул

свалат салам лъеяв аварагас ахираб хIаж гьабулеб мехалъ. Гьалда цIарги абула «Къо лъикI гьабиялъул сурат»-абун. Гьаб сурат рештIине гьабураб мехалъ аварагасда ﷺ лъана жиндир ажал гIагарлъун букIин. Гьалдаса хадуб «жакъа дица нужее дин тIубазе гьабуна»-абураб аятги рештIине гьабуна. Цинги ункъого къо араб мехалъ аварагас ﷺ гьаб дунялги тана. Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ гьесул шафагIат ва баракат нилъее щвезе гьабеги. Амин.

# 111. Суратул Масад

سُورَةُ المَسَد

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

تَبَّتۡ يَدَآ أَبِي لَهَبٖ وَتَبَّ ۝١

**1. Гьав бахьи къосарав Абулагьабил кIиябго квер бакъвайги ва гьевги гьалаглъун хвайги. Жиндир кверал ракъварав, жив гьалаглъарав вуго гьев Абулагьаб.**

مَآ أَغۡنَىٰ عَنۡهُ مَالُهُۥ وَمَا كَسَبَ ۝٢

**2. Гьесие щибго гIейи гьабизе гьечIо гьесул васалаз ва боцIи-малалъ.**

سَيَصۡلَىٰ نَارٗا ذَاتَ لَهَبٖ ۝٣

**3. Гьев ахираталда лъугьизавизе вуго жиб лагь-лагьулеб жужахIалъул цIадаве.**

وَٱمۡرَأَتُهُۥ حَمَّالَةَ ٱلۡحَطَبِ ۝٤

**4. Аварагасе ﷺ зараллалъе зазил цIул баччулей йикIарай гьесул чIужуги лъугьизайизе йиго гьеб цIадае.**

فِي جِيدِهَا حَبۡلٞ مِّن مَّسَدِۭ ۝٥

**5. Гьелъул габуралда цIакъ бицат гьабун хьухьараб кварги букIине буго гьелъие гIазаб гьабулеблъун.**

Маххул гор буго гьеб абуна Мужагьид абулев гIалимас.

Ибну Мусайиб абулев гIалимас абуна: «Гьей уму-Жамилил цIакъ багьа хириял маххал рукIана. Гьей гьедун йикIана жинца гьел маххал ричилин МухIамадие зарал гьабизе гIоло абун. Гьеб сабаблъун Аллагьас ﷻ гьелъул горбода цIадул гор бана гьелъие гIазаб гьабизе»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасидаса бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда: *«Дуца дур гIагарал гIадамазе хIинкъи кье»-абураб аят рештIине гьабураб мехалъ, гьев сафа мегIералда тIаде вахун ахIана: «Я Фигьрил лъимал! Я ГIадулманапил лъимал!»-абун. Гьедин ахIун жинца Къурайшиязул киналго гIадамал данде гьаруна. Цинги аварагас ﷺ абуна: «Нужеца дида бице: Дица нужеда абуни гьаб магIарда нахъа тушманасул чуял ругин нужеда тIаде кIанцIизе хIадуран абун, нужеца дун ритIухъ гьавизе вукIанищ?»-абун. Гьез абуна: «РитIухъ гьавизе вукIана. Нижеда кидаго дуца гьереси бицунеб рагIичIо»-абун. Цинги аварагас ﷺ абуна: «Дун вуго нужее гучаб гIазаб букIине буго абун хIинкъи кьезе витIарав Аллагьасул ﷻ расул»*-абун. Цинги

гьенив вукIарав Абулагьабица абуна: Вай дур талихI къаяв! Гьеб хабар бицинейищ дуца ниж ахIи бан данде ракIарарал абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб сурат рештIине гьабуна.

Гьев Абулагьаб аварагасул ﷺ инсул вац вукIана. Гьесул чIужу уму-Жамил Абусуфянил яц йикIана. Гьел кIиялго цIакъ авараг ﷺ рихарал, гьесие зарал гьабизе бокьарал мушрикал рукIана. Гьей уму Жамил гIадамазда гьоркьой мацI гьабун хьвадулей, гьезул аварагасде ﷺ ццим бахъине гьабулейги йикIана. Къаси алахалда ун зазил магь цIун ячIун гьеб авараг ﷺ хьвадулеб нухахъе балейги йикIана. Гьав Абулагьабил лъабго вас вукIана. Гьесул кIигоясда чIужулъун Аллагьасул свалат салам лъеяв аваргасул Рукъият ва Умукулсум абулей кIиго яс йикIана. Абулагьабица васалазда амро гьабун, гьей кIияйго цIар тIамун нахъе риччазе гьаруна. Гьезул цояс аварагасда ﷺ ццебе абуна жинца дудаги Къурьаналдаги инкар кколеб бугин ва дур ясалъул цIарги тIамунин абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесие квешаб дугIа гьабуна ва гьев ГъалбацI тIаде кIанцIун гьелъ инжит гьавун чIвана. Абулагьабги Бадроялда рагъ лъугьун хадув квешаб унти баккун хвана. Гьев лъабго къоялъ ракьулъ лъечIого къватIивго гьорон, махIцун вукIана. Цинги цо гвендги бахъун гьенив жанив вортизе гьавун тIаде ганчIалги ран тана.

Гьадинаб гIазаб гьабуна Аллагьас ﷻ Абулагьабие дунялалдаго. Ахираталда абадияб жужахIалъул гIазабалъульги вукIина гьев.

Аллагьас ﷻ нилъ рикIкIад гьареги гьеб жужахIалдаса ва жужахI тIад гьабулеб гIамалалдасаги. Амин.

## 112. Суратул Ихласс

سُورَةُ الإخلاص

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ۝١

**1. Дуца абе МухIаммад** ﷺ**,** мун махсароде гьавун дуда гьикъардулел мушриказда: **«Дица жиндие лагълъи гьабулев дир БетIергьан Аллагь вуго жив цогояв, жиндие щивго гIахьалчи гьечIев, жинда релълъарав цоги Аллагьги** جَلَّ جَلَالُهُ **гьечIев.**

ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ۝٢

**2. Жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго махлукъ щибаб лахIзаталъ жинда хIажатав Аллагь** جَلَّ جَلَالُهُ **вуго гьев.**

Жинда тIадехун щивго хан гьечIев, жинда ващадавги гьечIев.

لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝٣

**3. Жиндие лъимер гьечIев.**

Жиндир хъизан гьечIев, жив гьезда хIажатавги гьечIев.

**Жив цоги чиясул лъимерлъунги гьечIев.** Жиндир ватиналъе авал гьечIев вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.

وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ۝٤

**4. Гьев Аллагьасдехун** جَلَّ جَلَالُهُ **башалъи гьабулев, гьесда релълъарав, гьесул гIадаб гьунар-къуват бугев щивго чиги гьечIо.**

Жинца жо бижунев, жинца хьихьулев, жинца хвезе гьарун ахираталда тIадги рахьине гьарулев гьаб кинабго махлукъалъул жив цогояв Халикъ вуго гьев Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ.

Гьаб сурат буго Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьавиялъул бицунеб жиб къокъаб амма магIна камилаб сурат. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: ﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ﴾ *жинца цIаларав чи Къураналъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа цIаларав чиясда релъун вуго»*-абун. Х1адис имам Ах1мадица бицана.

Гьеб хIадисалъул мурад буго: Къуръаналда жаниб бицунеб жо лъабго батIияб хIукмуялда хурхараб букIин: Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави, шаргIиял хIукмаби рици, цересел уматузал хабар бици. Гьаб сурат Аллагь جَلَّ جَلَالُهُ цо гьави жинца бицунеб бугелъул, гьеб буголъана Къуръаналъул лъабил бутIаялда релълъун.

Гьаб сурат рештIине гьабиялъе сабаб буго мушрикаца аварагасда ﷺ абун букIин: «Дуца нижее сифатал рице дур Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ. Гьев щиб жоялдаса гьавун вугев?. Меседилищ, гIарцолищ, жавгьар-якъуталъулищ?» – абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас ﴿قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ﴾ – абун гьаб сурат рештIине гьабуна ва гьел мушриказ хъанчие лагълъи гьаби батIулаб жо букIин загьир гьабуна.

## 113. Сууратул Фалакъ

سُورَةُ الفَلَقِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلْفَلَقِ ﴿١﴾

**1. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Дица цIуни гьарулеб буго жинца рогьел баккине гьабулев БетIергьан Аллагьасдалъун.**

مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ﴿٢﴾

**2. Гьев Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ бижанщинаб жоялъул квешлъиялдаса.**

ГIадамал ругониги, женал ругони, хIайваназ ругониги. РухI бугеб букIа рухI гьечIеб букIа жинца зарал гьабизе бегьулеб щинаб жоялъул зараралдаса цIуни гьарулеб буго.

وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ﴿٣﴾

**3. Жиндир бецIлъи цIакъаб сордоялъул квешлъиялдасаги.**

БецIаб сардилъ жидеца квешлъи гьабулел гIадамал ва женал къватIире рахъуна. Гьеб сордоялъул бецIлъиги жинца гIадамал хIинкъизе гьарулеб жо буго. Сардилъ алхул хIайванги бихьуларо, борохь-кьинчIги бихьуларо, квешаб гвенд, борхатаб кьуро, гъваридаб кIкIалги бихьуларо.

وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِي ٱلْعُقَدِ ﴿٤﴾

**4. Жидеца кваралда гарцIал ран, гьезда тIаде хIухьел пун сихIру гьабулел сихIрочагIазул квешлъиялдасаги цIуни гьарулеб буго дица.**

وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ﴿٥﴾

**5. Жинца хIал хъублъи гьабулев чияс хIал хъублъи гьабидалго гьелъул квешлъиялдасаги цIуни гьарулеб буго.**

ХIасад абула цоги чиясе Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьурал нигIматал гьесда тIаса ине бокьиналда, жиндие гьелдалъун щибго хайир гьечIониги. Гьев жинца хIасад гьабулев чи кидаго гIазабалъулъ вугев чи вуго: Гьес хIал хъублъи гьабуна абун Аллагьасул جَلَّ جَلَالُهُ нигIматал гIадамазда тIаса унаро, гьезие нигIматал Аллагьас جَلَّ جَلَالُهُ кьун щинахъе гьев хIасадчиясул ракI унтулеб букIуна.

Гьаб кIиябго «Къул агIузаби» рештIинабиялъе сабаб бицун Аразиясул тафсиралда абулеб буго: «Лабид ибнул АгIсам»-абулев чияс Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе сихIро гьабун букIана рас халеб гьоркьо, гьелъ хан бахъараб рас, тIогьол хIур, цогиги жалги данде гьарун, жинда тIад анцIила цо гарацI бараб кварги гьезда

цадахъ лъун, гьеб рокIкIеналъ борлълъун. Цинги гьеб гъуялъубе лъун букIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Жабраил малаик вачIун гьесие сихIро гьабун букIин бицана ва гьеб сихIро гьабураб ясикIо лъураб бакIги бицана. Гьеб ясикIо аварагасухъе ﷺ босун бачIана ва Аллагьас ﷻ гьаб кIиго сурат рештIине гьабуна. Гьал суратазда жаниб анцIила цо аят буго. Цо-цо аят аварагас ﷺ цIалараб мехалъ гьеб кваралдаса гарацI бичун унеб букIана. КIиябго сурат цIалун лъугьараб мехалъ гьел гарцIал ричун лъугьана ва аварагги ﷺ вухьун вукIарав чи вичараб г1адин сахлъун тIаде вахъана»-абун.

# 114. Сурату Ннас

سُورَةُ النَّاسِ

*Жив гурх1улев, гурх1ел г1амав Аллагьасул ц1аралдалъун.*

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ ﴿١﴾

**1. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Дица цIуни гьарулеб буго киналго гIадамазул БетIергьанасдалъун. Жинца гьел рижарав ва хьихьулев.**

مَلِكِ النَّاسِ ﴿٢﴾

**2. Гьел гIадамазул ханасдалъунги. Гьезул кинабго ихтияр жинда кодоб бугев.**

إِلَٰهِ النَّاسِ ﴿٣﴾

**3. Гьел гIадамаз жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасдалъунги.**

مِن شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ ﴿٤﴾ الَّذِي يُوَسْوِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ ﴿٥﴾

**4.5. Аллагь ﷻ рехсараб мехалъ жал нахъе къалел, жидеца гIадамазул рекIелъ вас-вас ккезе гьабулел щайтIабазул квешлъиялдаса.**

مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ ﴿٦﴾

**6. ГIадамаздаса ругел гьел щайтIаби, женаздасаги ругел.**

Гьаб цIуни гьари буго киналго щайтIабазул квешлъиялдаса. Щибго щаклъи гьечIеб жо буго гIадамазул щайтIаби жидер зарал цIикIарал рукIин. Женазул щайтIаби нахъе къала гьездаса цIуни гьарараб мехалъ. ГIадамазул щайтIаби гIадамалгун цадахъ рукIунелъул гьезул гукки ва хIила балъгояб букIуна. Аллагьас цIунарав чи гурони гьел щайтIабазул зараладдаса цIунун хутIуларо.

Аллагьас ﷻ нилъ цIунаги кинабго жинца зарал гьабулеб жоялъул зараладдаса. Амин.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жив босаде вегулеб мехалъ: ﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ﴾ *ва гьаб кIиябго сурат цIалулеб букIана жиндир кIиябго хъат гьурмада цебе ккун. Цинги гьеб кIиябго хъат бетIералда, гьумералда ва жиндир черхалда лъулъалеб букIана. Гьаб хIалалъ лъабго нухалъ гьабулеб букIана»*-абун. Х1адис имам Бухарис бицана.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун хирияб Къуръаналъул тафсир ва таржама хъван тIубана. ЦIакъ кIудияб тавфикъ ва квер бакъи гьабуна гьев Аллагьас ﷻ . Даимаб, абадияб щукру ва рецц буго гьев Аллагьасе ﷻ . Гьаб хIалтIи гIададе хвараблъун гьабугеги абун Аллагьасе ﷻ хIелулевги вуго.

Жив кIодо гьавураб свалат ва салам хирияв аварагасде ﷺ лъеги, гьесул агьлу асхIабзабаздаги лъеги. Гьезул нухалъ хьвадарал киналго муъминзабаздаги лъеги. Амин.

## ТIадегIанав Аллагьасул калам Къуръан цIалиялъул хиралъи ва адабал рицунеб калам

**Къуръан цIалиялъул хиралъи:**

Жинда Аллагь разилъаяв Абуумаматидаса хIадис бицана: *Дида Аллагьасул расулас абулеб рагIана: «Нужеца Къуръан цIале! Гьеб къиямасеб къоялъ жинца шапагIат гьабулеблъун бачIине буго, жиб цIалун, жиндир хIукмуялда гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе»* – абун.

Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул расулас абуна: «Жинца лебалго (тажвидалда лъун гьаракь-макъам берцин гьабун) Къуръан цIалулев чи хириял малаикзабигун цадахъ вукIунев чи вуго. Жиндие Къуръан цIализе захIматги букIун, гьеб лъазе гьабулев ва цIалулев чиясе кIиго нухалъ кири-ажру гьабула абун:* Ай гьесул Къуръан лъазабизе бугеб гъира-шавкъалъухъги, гьеб цIалулаго жинда бихьараб гIакъубаялъулги кири гьабула. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIабасидаса хIадис бицана: *Аллагьасул расулас абуна: «Жинда жаниб Къуръаналъул щибго жо гьечIев чи чIунтараб минаялда релълъун вуго»* – абун. ХIадис Тирмизияс бицана.

Ай Къуръан рекIехъе лъазе гьаби ва гьелда гIамал гьаби цIакъ къадру бугеб иш буго. Гьеб Къуръаналда хурхичIев чи щибго жиндилъ лъикIлъи гьечIев чи вуго.

Жинда Аллагь разилъаяв Абумусадаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужеца гьаб Къуръан гIемер цIалун ракIалда лъикI чIезабизе яхI бахъе! Валлагьи, Къуръан ракIалдаса унеб(билулеб) буго, хIатIирухьен бан биччараб варани билулеб гIадин, яги гьелдасаги хехго»* – абун. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

ХIадисалдаса мурад буго Къуръан рекIехъе лъан хадуб кIочене теялдаса цIуни ва гьеб щибаб заманалъ цIалун такрар гьабизе тIадаб букIинги.

Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса хIадис бицана: Дида *Аллагьасул расулас абулеб рагIана: «ТIадегIанав Аллагь*

*разилъула ва гIенеккула берцинаб гьаракь-макъаналда цIалулеб Къуръаналда»* – абун. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Бараъ ибну ГIазибидаса хIадис бицана: *Дида авараг* ﷺ *рагIана жинца богол как балаго* ﴿وَالتِّينِ وَالزَّيْتُونِ﴾ – *абураб сурат цIалулев ва гьедин берцинаб цIали дида кидаго рагIичIо»* – абун. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Къуръаналъул цо-цо суратазул ва аятазул хиралъи бицарал хIадисал гIемер руго. Гьезул киналго сахIихIал (битIарал) гьечIелъул, дица цо чанго сахIихIаб хIадис бицун тела:

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Жабраил малаикасда аскIов гIодов чIун вугеб мехалъ гьесда зобалаздаса цо гьаракь рагIана. Жабраил зодихъехун валагьана ва гьес абуна: «Жакъа гурони рагьичIеб зобалазул каву рагьана» - абун. Цинги гьенисан гIодов цо малаик рештIана. Жабраилас абуна: «Жакъа гурони рештIичIев малаик рештIана зодисан»* – абун. *Гьев малаик аварагасда* ﷺ *аскIов вачIана, гьесие саламги кьун жинца абуна: «Дуе рохел буго МухIаммад, Аллагьас* جَلَّ جَلَالُهُ *дуе кьураб кIиго хиралъиялдалъун. Дуе гурони гьеб лъиего кьунги букIинчIо. Гьеб буго суратул фатихIат ва суратул бакъараталъул ахираб кIиго аятги. Гьезул щибаб хIарф цIалунщинахъе дуе сайгъат кьола»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудидаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Щив чияс сардилъ суратул бакъараталъул ахираб кIиго аят цIаланиги гьесие гьелъ гIейи гьабизе буго»* – абун. Ай гьесда гьеб сородоялъ зарал хъатIизе гьечIо.

Муслимица хIадис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца рукъзал хобалазде сверизаруге* (ай рукъоб Къуръан цIале). *Суратул бакъарат цIалулеб рукъосан шайтIан лъутун уна»* – абун.

Абу-умаматидаса хIадис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Щибаб паризаяб какда хадуб Аятул курсий* ﴿اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ...﴾ (Суратул Бакъарат 255 аят) *цIаларав чи алжаналдаса гьукъун гьечIо хвелалъ гурони»* – абун. Ай гьев чи хун хадув алжаналде лъугьуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дун тун вукIана Рамазан моцIалъ закат бахъун бачIараб тIоршел цIунизе. Цо нухалъ гьеб тIоршел бикъизеян вачIарав чи дица ккуна ва гьесда абуна дица мун аварагасухъе* ﷺ *вачине вугоян абун.* (Лъабго сордоялъ тIатIалаго вачIана гьев тIоршел бикъизеянги абуна цо биценалда). *Гьев чияс абуна: «Дуца дун аварагасухъе* ﷺ *вачинчIого тани дица дуда цо лъикIаб жо лъазабила, Аллагьас* جل جلاله *дуе гIемераб кири хъвалеб. Мун кьижизеян бусаде вегараб мехалъ дуца Аятул курсий цIале* (Суратул Бакъарат 255 аят). *Гьедин цIалараб мехалъ Аллагьас* جل جلاله *рогьинегIан мун цIунулев чи тола ва шайтIаналда кIоларо дуе щибго зарал гьабизе» – абун. Дица гьаб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бицидалго гьес абуна: «Гьелъ битIараб бицун буго кигIанго кIудияб гьерсихъан гьеб бугониги. Гьеб жо шайтIан буго» –* абун.

Муслимица бицараб хIадисалда буго: *«Нужеца цIале кIиго нур бугеб суратул Бакъарат ва Али ГIимран. Гьеб кIиябго къиямасеб къоялъ жиб цIаларасе кумекалъе бачIуна»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагIид Ал-Худриясдаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рузман къоялъ «суратул Кагьф» цIаларав чиясе нур гвангъун букIине буго тIасияб рузман къоялде щвезегIан»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIумаридаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рузман къоялъ «суратул Кагьф» цIаларав чиясе гьесул хIатIазда гъокьан зобалазде щвезегIан нур букIине буго къиямасеб къо чIезегIан ва гьесул кIиябго рузман къоялда гьоркьор гьарурал мунагьалги чурула»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абудардаица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Суратул Кагьфалъул авалаб анцIго аят рекIехъе лъазабурав чи дажалил фитнаялдаса цIунаравлъун вукIине вуго»* – абун.

ХIакимица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дица нужеда бицилищ цо*

*чиясда кинаб бугониги къварилъи щвараб мехалъ гьес жиб цIалани гьесдаса къварилъи тIасса унеб дугIа? Гьеб буго Юнус аварагасул дугIа:* ﴿لَّآ إِلَٰهَ إِلَّآ أَنتَ سُبْحَٰنَكَ إِنِّي كُنتُ مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ﴾ (Суратул Анбияъ 87 аят) – абураб.

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хабаралда буго: «Дир шейхаз (мугIаллимаз) дида бицана жал рукIанин Фузайл ибну ХIарисида аскIор гьев хвалил унтиялъ унтун вугеб мехалъ. Фузайлица гьикъана нужер цонигиясда Ясин цIализе лъалищан абун. Цинги СсалихI ибну ШурайхI Ясин цIализе лъугьана ва гьес кIикъоабилеб аят цIалилелде Фузайлил рухIги босана. Гьединго дир шейхаз бицулаан хвалил унти чIварасда аскIоб Ясин цIалани гьесул рухI бахъи бигьалъулин абун».

Асламица Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарасхIабидаса бицараб хIадисалъулъ буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Къасси дида рещтIинабуна кинабго дунялалдаса дие жиб хирияб сурат. Гьеб буго* ﴿إِنَّا فَتَحْنَا لَكَ فَتْحًا مُّبِينًا﴾ – абун. (Суратул ФатхI: 1 аят).

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица бицараб хIадисалда буго: Дида Бичасул расул жинца абулев ругIана: *«Къуръаналда жаниб буго лъеберго аят бугеб сурат, жиб цIаларасе гьеб кумекалъе бачIунеб гьесул киналго мунагьал чуризегIан»* – абун. Гьеб буго Суратул мулк.

Жинда Аллагь разилъаяв Анас ибну Маликидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дуца* ﴿قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْكَٰفِرُونَ﴾ *цIале мун кьижизе лъугьунеб мехалъ. Гьеб буго ширкалдаса мун рикIкIалъи»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагIид Ал-Худриясдаса бицараб хIадисалда буго: *Цо нухалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзабазда гьикъана: «Сардилъ Къуръаналъул лъабил бутIа цIализе кIолев щив вугев нужедасса»-ян абун. АсхIабзабазе гьеб захIматаб ишлъун бихьана ва гьез абуна: «Лъидаха гьеб кIолеб я расулуллагь»* – абун. *Аварагас* ﷺ *абуна:* ﴿قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ﴾*- буго Къуръаналъул лъабил бутIа»* – абун.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас кьижилелде ццебе жиндир кIиябго хъат кIалалда ццебе ккун гьениб жаниб* ﴿قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ﴾, ﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلْفَلَقِ﴾ *ва* ﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ﴾ *цIалулеб букIана,*

*цинги кІиябго квер гъумералда, бетІералда ва черхалъул ццебесеб ва нахъияб рахъалда лъулъалеб букІана, гьадин лъабго нухалъ такрар гьабулеб букІана»* – абун. Гьедин гьабурав чи Аллагьас ﷻ кинабго квешлъиялдаса цІунизе вуго ва гьесда аскІоб шайтІанги къазе гьечІо гьев радал тІаде вахъинегІан.

Жинда Аллагь разилъаяй ГІаишатидаса бицараб цоги хІадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагунтараб мехалъ гьес жиндирго кверазда жаниб кІиябго Къул агІузу цІалулеб букІана ва гьел кверал черхалда рахъулел рукІана. Гьев захІматго унтун вугеб мехалъ дица цІалана гьеб кІиябго сурат гьесул кверазда жаниб ва гьел квералгьесул черхалде рахъана»* – абун.

Гьал тІадехун рехсарал Къуръаналъул хиралъи бицарал хІадисал дагьалго жал руго ва кинабго Къуръан жиндир хиралъи ва баракат гІемераб буго. Гьеб Къуръанги жиб цІалун, жиндир мурад бичІчІун, жиндир хІукмуялда нахърилълъун гІадамал хьвадизе гІоло рещтІинабураб буго.

Гьаб хирияб Къуръанги жинда рещтІинабун Аллагь ﷻ цо гьавун гІицІцІго цохІо гьесие лагълъи гьабиялда халкъ ахІизе витІана хирияв МухІаммад авараг ﷺ. Ахираталда щивав инсанасе жинца гьабураб гІамалалда рекъараб жазаъги букІине буго. Дунялалъул рокъов вукІадго ТІадегІанав Аллагьасе гІибадат гьабиялдаса гъафулги вукІун ахираталда щведалго лъида бугониги божун ва хьул лъун вукІиналъ инсан хвасар гьавуларо.

Гьаб масъала бичІчІине тІадаб буго щивав чиясда ва гьес яхІ бахъине ккола жив чІаго вукІадго ТІадегІанав Аллагьасги, гьесул хирияв расуласги малълъухъин хьвадизе ва абадияб рокъоб жив гІазабалдаса хвасарлъулеб гІамал гьабизе. ГІадамаз ургъун рахъарал нухалги жалго тун Аллагьасул расулас бихьизабураб нухдаса хьвадизе.

ТІадегІанав Аллагьас нилълъеда хІакъаб жо хІакъаблъун бихьизабеги ва гьелда нахъ рилълъине тавпикъги гьабеги. БатІулаб, бидгІаяб жоялдаса Аллагьас ﷻ нилълъ рикІкІадги гьареги. Амин.

**Къуръан цІалиялъул адабал:**

Имам СуютІияс данде гьабураб «Ал-иткъан фи гІулумил

Къуръан» – абулеб тIехьалдаса росун хирияб Къуръан цIалиялъул дагьалго адабал рицина:

- Къуръан цIалулев чи какие чурун вукIине рекъараб буго: гьеб бугелъул азкаразул бищунго хирияб. БацIадаб бакIалда цIализе суннатаб буго, масжидалде жаниб цIали бищунго лъикI буго.
- Къиблаялде вуссун гIодов чIезе, Аллагьасе ﷻ хIелун, бетIер гIодоб тIамун чIезе рекъараб буго.
- КIал бацIад гьабизе сивак бахъизеги суннатаб буго.
- Къуръан цIализе бай бихьилелде ццебе агIузу биллагьи… абизе суннатаб буго. Щибаб сурат цIализе ццебе биссмиллагь… абизеги лъикIаб буго. Сураталъул гьоркьоб бакIалдаса цIализе бай бихьаниги бисмиллагь абизе лъикI буго.
- ГIедегIичIого, пикру гьабун, хIурупазул хIакъ тIубан цIализе лъикI буго. Щибаб аяталъ бицунеб жоялъул пикру гьабун, рахIматалъул бицараб мехалъ роххел щун, гIазабалъул бицараб мехалъ ракI пашманлъун цIали буго кири гIемер щолеб.

Масала: гIедерги цIалун кIиго жуз цIаларасе щибаб хIарф рикIкIун щолеб кириги, пикру-тадбирги гьабун цо жуз цIаларасе щолеб кириги хал гьабураб мехалъ – кIиго жуз цIаларасул кири гIемераб буго, цо жуз цIаларасул кири къимат тIадегIанаб буго.

- Къуръаналда жанир ругел гIазаб бицарал ва хIинкъи кьей бугел аятал цIалараб мехалъ ракI пашманлъун гIодизе рекъараб буго: Аллагьасул ﷻ гIазабалъул кутак хал гьабун, жиндир нафсалъул кIарччанлъи ва гIайибал хал гьабун.
- Берцинаб гьаракьалъ цIализеги суннатаб буго. Цоги чиясе ташвиш-зарал гьечIони гьаракь борхун цIалиги мунфагIат бугеб буго: гьелъул асар цIикIараб букIуна, рагIарасеги мунфагIат гьабула, цIалулесул ракIги тирхула, макьу-гъафлатги тIасса уна.
- Берцинаб гьаракьалъ мухIканаб хIалалъ Къуръан цIалулев чиги гьеб цIализе виччан гьесухъ гIенеккизе суннатаб буго. Цояз цIалун цогидал гIенеккун иргаялда цIалиги асар щолеб букIуна.
- РакIихъ цIалиялдаса Къуръаналда тIадги балагьун цIали кири гIемераб буго: Къуръаналда балагьиги гIибадат буго.

- Суратазул ва аятазул тартибалда цӀализе рекъараб буго. Цо сурат цӀалун тӀубан хадуб цогидаб цӀализе бай бихьила. Аятги тӀубан цӀализе рекъараб буго.
- Къуръан кинабго заманалъ цӀализе лъикӀ буго. Какилъ цӀали, сардилъ тӀаде вахъун цӀали, рузман сордо-къоялъ цӀали кири гӀемераб буго.
- Щибаб анкьго къоялда жаниб Къуръан цӀалун тӀубайги лъикӀ буго. Гьедин цӀалулеб бугони рузман къоялъ бай бихьун хамис къоялъ тӀубазабила. Къуръан тӀубадалго дугӀа гьаби суннатаб буго: гьеб буго жаваб гьабулеб гӀуж. Жиндир агьлу-хъизан данделъун дугӀа гьаби гӀемерго лъикӀаб буго.
- Цо Къуръан цӀалун тӀубарабго цогидаб бай бихьун тезеги суннатаб буго. ИбнугӀаббасидаса бицараб хӀадисалда буго: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас ﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ﴾ цӀалун хадуб суратул фатихӀаги бакъаратаълъул авалги цӀалулеб букӀана. Цинги Къуръан цӀалун тӀубаялъул дугӀаги гьабулеб букӀана – абун.
- Къуръан цӀалиялъул сужда гьабизе кколеб бакӀалда суждаги гьабила. Гьеб сужда гьабула жинца цӀаларас ва жинда цогидас цӀалулеб рагӀарасги.
- Къуръан цӀалиги гьоркьоб къотӀизабун гӀадамаздехун кӀалъай карагьатаб буго. Гьеб цӀалулаго щиб бугониги гӀададисеб жо гьабулев вукӀинги рекъараб гьечӀо.
- ГӀажамияб мацӀалъ (таржама гьабун) Къуръан цӀализе бегьуларо какилъ бугониги цогидаб бакӀалда бугониги. Ай: как балев чияс гӀараб мацӀалда бугеб хӀалалъ гурони Къуръан цӀализе бегьуларо. Какилъ гьечӀев чияс Къуръаналъул рагӀиги абун, хадуб гьелъул магӀна бицун гурони Къуръаналъул магӀна бицизе бегьуларо.
- Къуръан цӀали магӀишат тӀалаб гьабиялъе сабаблъун ккезеги бегьуларо.

Цогиги гӀемер суннатал ва адабал руго Къуръан цӀалиялда ва гьелъул хӀурмат гьабиялда хурхарал. ТӀадегӀанав Аллагьасул калам бугелъул гьеб жиндир къадро кӀудияб тӀехь буго. Щибаб жоялъул къадроялда релълъараб букӀуна гьелъул адаб-хӀурмат гьабиги.

ТӀадегӀанав Аллагьас тавфикъ гьабеги гьесул хирияб калам цӀализе, гьелъул хӀурмат гьабизе ва гьелда рекъон гӀамалги гьабизе.

Ахиралда кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго жинца нилълъ иман-исламалъул нухалде тIоритIарав. Гьесда гьарулебги буго гьеб битIараб нухдасан нилълъ къосизе тогеян абун. Жив кIодо гьавураб свалат-салам хирияв аварагасда ﷺ лъеги, хадуб гьесул агьлуялда ва асхIабзабада лъеги, гьесул суннат цIунун хьвадарал киналго муъминзабадаги лъеги. Амин

# МагIарул мацIалда жанир гIемер хIалтIизарулел гIараб рагIабазул магIна

| | |
|---|---|
| **Ахлакъал** | чиясул гIамал-тIабигIат (лъикIаб бугониги, квешаб бугониги). |
| **Амру** | цо иш гьабеян бугеб буйрухъ, Аллагьасул рахъалъан бугониги, инсанасул рахъалъан бугониги. |
| **Ансарал** | Мадинаялъул бусурбаби, жидеца аварагасе ва гьесул асхIабзабазе квербакъи гьабурал. |
| **Агьлу-зиммат** | бусурбабазда гьоркьор ругел, гьезул цIуниялда гъокь ругел, инжил ва тавраталда нахъ рилъарал гIадамал. Гьезда китабиял абула: ай Аллагьасул рахъалъан бугеб тIехьалда гIамал гьабулел гIадамал. |
| **Агьлул-байт** | Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул рукъалъул агьлу, гьесул хъизан. |
| **Ажро** | Аллагьас лъикIлъиялда данде кьолеб кири. |
| **Азал** | жиндие бай бихьи гьечIеб ццебе араб замана. Ай дунял бижилелдего кинабго букIинесеб жо Аллагьас къадар гьабун букIана. |
| **Аль-кавсар** | алжаналда жаниб бугеб гIоралъул цIар. |
| **Аль-хIарам** | маккаялда ва Мадинаялда сверухъ бугеб жиндир хIурмат цIунараб ракь. Гьеб бакIалда кинабгIаги рухI бугеб жо чIвазе ва гъветI-хер къотIизе гьукъараб буго. Цо хассал жал хутIизегIан. |
| **Аманат** | къотIи-къай, божилъи. Гьеб букIуна Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб, гьединго гIадамазда жидедаго гьоркьобги. |

| | |
|---|---|
| **Амир** | КIудияв имамас тIасса вищарав, ялъуни цо къукъаялъ жидер ццевехъанлъун гьавурав чи. ШаргIалда рекъараб амру-нагьюялъулъ гьесие мутIигIлъиги тIадаб букIуна. |
| **АсхIаб** | Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул гьалмагъ. АсхIаб абула жинца Аллагьасда ва гьесул расуласда иманги лъун дагьабго мехалъ вугониги жив авараггун цадахъ вукIарав чиясда. |
| **Аят** | Къуръаналъул цо калам, къотIел. Къуръаналда жаниб 6600 аят буго. |
| **БайгIат** | кIудияв имамасе, яги жидеда тIад тарав амирасе гьабулеб къотIи, гьесие мутIигIлъизе ва гьесул амру-нагью тIубазе. |
| **Баракат** | Аллагьасул рахъалъан бугеб лъикIлъи, нигIмат, квербакъи, тIокIлъи. |
| **Барзах** | инсан хваралдаса бай бихьун, ахираталда гьев тIаде вахъинавизегIан гьоркьоб бугеб замана. |
| **БидгIа** | диналда жаниб жиндие Къуръан-хIадисалдаса далил гьечIеб жо лъей, гьеб хIалтIизаби. |
| **Буракъ** | Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг мигIражалда вачунеб мехалъ Маккаялдаса Байтулмукъадасалда щвезегIан гьев жинда тIад рекIун вукIараб хIайван. |
| **Вали** | бетIергьан чи. Жаваб чи. |
| **ВарагI** | Аллагьасухъан хIинкъи, шубгьаяб жо рикIад тей. |
| **ГIабд** | лагъ. Исламияб диналда жаниб гIабд абураб рагIи Аллагьасул лагъ абураб магIнаялда хIалтIизабула. |

| | |
|---|---|
| **ГIаврат** | инсанас цогидав чиясул бералдаса бахчизе тIадаб бакIалда бугеб гIаммаб цIар. ЧIужугIаданалъ кIиябго кверги гьумерги тун цогидаб бакI бахчизе кола. Бихьинчияс цIинoялдаги накоялдаги гьоркьоб бугеб бакI бахчизе кола. |
| **ГIакъида** | рекIелчIчIей. Диналда жаниб инсанас хIакъаблъун ккураб нух. |
| **ГIакъикъа** | лъимер гьабураб мехалъ садакъаде хъолеб чахъу, хIайван. |
| **ГIарафат** | хIеж гьабулеб мехалъ зулхIижа моцIалъул ичIабилеб къоялъ киналго хIажизаби данделъулеб бакI, гIарафамегIер. |
| **ГIарщ** | тIадегIанав Аллагьас жив гьелда тIадегIанлъанаян абураб, Аллагьас бижараб жоялъул бищун кIудияб ва хIикматаб жо. |
| **ГIашура** | мухIаррам моцIалъул анцIабилеб къоялда абулеб цIар. Гьеб къоялъ кIал кквей суннатаб буго. |
| **ГIибадат** | Аллагьас ва гьесул расулас бихьизабураб хIалалъ Аллагьасе лагълъи гьаби, гьесие мутIигIлъи. |
| **ГIидда** | рос хвараб мехалъ, яги гьес цIар тIамун йиччараб мехалъ чIужугIаданалъ базе тIадаб заманалда абулеб цIар цогидав росасе инчIого. |
| **ГIумра** | Маккаялда ун гьабулеб гIибадат. ИхIрам тIаваф сагIйо гьабун ва бетIер къунцIун. |
| **Гъаибаб жо** | цохIо Аллагьасда гурони жиб лъалареб жо. Масала: кидал къиямасеб къо чIолеб, кидал инсан холеб, киве гьев инсан ахираталде кколев. |
| **Гъанимат** | рагъ гьабун капурзабахъан бахъулеб боцIи-мал. |

| | |
|---|---|
| **ДагІват** | Аллагьасул диналде гІадамал ахІи. |
| **Далил** | цо иш баян гьабулеб хІужа, гІила, (доказательство). |
| **Дийат** | цо чи чІвадалго, яги гьесда ругъун лъураб мехалъ, гьелда данде рецІелалъе бахъулеб гІакІа. |
| **Жазаъ** | кинаб бугониги гІамалалда данде жо гьаби. |
| **Жизят** | бусурбабазул ракьалда ругел цогидаб диналъул гІадамаз кьезе кколеб налъи (налог). Гьеб налог кьезе къотІиги гьабун гьел тола жидерго дин гьабизе ва амма исламияб диналъе зарал бугеб жо гьабизе гьукъула. |
| **Занно** | якъинлъи гьечІеб лъай, ракІалда ккараб жо. |
| **Зугьду, загьид** | Ахираталда пайда букІунареб жо тІалаб гьабичІого чІарав чи. |
| **Йавмуль-къийамат, Йавму-ддин** | ахираталда абулеб цІар. |
| **Йакъин** | мухІканго, баянго цо иш лъай. |
| **ИжмагІ** | МухІаммадил умматалъул жидер гІелму камилал динийал гІалимзаби цо кинаб бугониги гІасроялъ жинда рекъараб хІукму. |
| **Ижтигьад** | цІакъго лъикІ гІелму лъалев гІалимчияс Къуръан-хІадисалдаса шаргІияб масъалаялъе хІукму босизе кІвахІ бахъи. |
| **Икъбал** | гьабулеб иш данде билълъин, гьабизе бигьалъи. |
| **Иман** | ракІилъ бугеб божилъи, гІакъида, Аллагь гурев чиясда жиндир хІакъикъат лъалареб. |

| | |
|---|---|
| **Ислам** | Аллагьасул амруялъе мутIигIлъи. Гьелъул щуго рукно буго: кIиябго шагьадат битIи, паризаяб как бай, закат бахъи, кIал кквей, хIаж гьаби. |
| **Истикъамат** | витIун чIчIей. Аллагьасул амру-нагьюялда мутIигIлъун хьвади. |
| **ИхIрам** | хIеж гIумра бухьи. |
| **ИхIсан** | лъикIлъи гьаби. Диналда жаниб ихIсан абула ракI бацIадго гIибадат гьабиялда. |
| **Ихлас** | ракI бацIадго, унго-унго цохIо Аллагьасе гIибадат гьаби. |
| **Калима** | цо рагIи. |
| **Карагьат, макругь** | шаргIалда жиб какараб, гьабизе рекъечIеб иш. |
| **Кафарат** | цо шаргIалда бегъулареб жо гьабураб мехалъ кьезе бихьизабураб гIакIа. |
| **Куфр** | инкар кквей. Аллагьасда ва гьесул диналда инкар кквей. |
| **Къадар** | Аллагьас азалалдаго гьабураб хIукму. |
| **Къази, къади** | жинца хIукму гьабулев чи. Исламияб пачалихъалъул имам, амир. |
| **Къанун** | бихьизе гьабураб хIукму (закон), шаргIияб букIа яги цогидаб букIа. |
| **Къисас** | цо чи чIвадалго, яги гьесда ругъун лъедалго гьелда данде гьабулеб шаргIияб рецIел. |
| **Къияс** | цожо цогиялда борци. Къуръан хIадисалдалъун гьабураб хIукмуялда гьеб кIиялдаго жаниб жиндие далил, хIужа гьечIеб шаргIияб масъала борци ва гьелъие гьебго хIукму кьей. |
| **Магьари** | чIужу ячунеб мехалъ гьелъие кьезе кколеб жо (гIарац, боцIи, ва цоги щиб бугониги). тIалъулеб. |

| | |
|---|---|
| **Мажнун** | гIадалав чи, гIакъло гьечIев чи. |
| **Макъам** | цо щиб бугониги жо щун бугеб бакI. Къимат къадро щун бугеб бакI. |
| **Мал** | жиндаса пайда босизе бегьулеб хIалалабщинаб жо. |
| **МатагI** | къайи-цIа, дунялалда гIадамаца жиндаса пайда босулеб жо. |
| **МахIрам** | шаргIалда жиндиргун ригьин гьабизе гьукъарав гIагарав чи. |
| **Махлукъ** | ТIадегIанав Аллагьас бижанщинаб жо. |
| **Минбар** | масжидалда жаниб букIунеб, имамас жинда тIад вахун вагIза гьабулеб борхалъи. |
| **МугIаян** | мухIкан гьабун жиб бихьизабураб жо. |
| **МугIжизат** | гIадамал жинца хIайран гьарулеб, гIадаталдаса жиб къватIиб бахъараб иш. Гьеб ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагасе кьолеб гьунар букIана, гьезда иман лъезе гIоло. |
| **Мугьажир** | Аллагьасул диналъе гIоло жинца ватIан тарав чи. |
| **Мукаллаф** | жив балугълъиялда вахарав, жинда динияб иш тIалъулев чи. |
| **Мунафикъ** | жинца кIигьумерчилъи гьабулев. ГIадамазе гIоло дин гьабулев чи. |
| **Муртад** | бусурманавлъун вукIарав, цинги жинца гьеб исламияб дин тарав чи. |
| **МухIаддис** | жинда хIадис гIелму лъикI лъалев чи. |
| **Нагью** | цо иш гьабугеян бугеб буйрухъ, Аллагьасул рахъалъан бугониги, инсанасул рахъалъан бугониги. |
| **Нажас** | хъубаб, чорокаб жо, шаргIалъ жиб нажасаб бугин бьхьизабураб. |
| **НасихIат** | инсанасе лъикIлъи бокьун гьесда лъикIаб жо бици. |

| | |
|---|---|
| **НикахI** | ригьин гьаби, магьари лъей. |
| **Ниссаб** | магIишаталъул хасаб къадар, гьеб бугев чиясда закат кьезе тIалъула. |
| **РагIият** | ханасул-бетIерасул бер балагьиялда гъоркь бугеб халкъ. |
| **Риба** | цоясе тIокIлъи гьабун квен-тIех гIарац-месед хиси. Гьединго къарзалъе жо кьей, тIад буссинабулеб мехалъ тIокIлъи кьезе къотIигьабун. Процентал кьун банкаялдаса гIарац боси. (Ростовщичество) |
| **Рисалат** | битIараб кагъат, Къуръан буго рисалат ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерихъ битIараб. |
| **Самаияб** | зодосан бугеб, Аллагьасухъан бугеб. |
| **СиратI** | жужахIалда тIад лъураб кьо. Кинавго чи гьеб кьодасан ине ккола ва гьелдаса вахарав чи алжаналде уна, вортарав чи жужахIалда кола. |
| **Сифат** | куц-рахъ, (форма). |
| **Сунна-(сунат)** | мисал, нух, гIадат. Исламалда жаниб сунна абула: хирияв аварагас гьабураб яги гьабеян абураб яги цогияс гьабун жив тIад рекъараб ишалда. |
| **ТIаваф** | КагIба рукъалда сверун хьвади. |
| **ТIагъут** | мутIигIлъиялдаса бахъараб жо. ТIагъутазул бищун кIудияб буго иблис. Гьалда хадуб:<br>- гIадамаца жиндие лагълъи гьабулеб жо, гIадам вукIа гьев (жив гьеб ишалда рази вугони) яги гьев гурев цоги жо букIа,<br>- жинда балъголъи лъалин абулев чиги,<br>- гIадамал жиндие лагълъи гьабиялда ахIулев чиги,<br>- тIадегIанав Аллагьасул шаргIги тун жиндир гьава нафсалда рекъараб хIукму гьабулев чиги. |

| | |
|---|---|
| **ТIалакъ** | чIужуялда цIар тIами. |
| **ТавхIид** | Аллагь цо гьави, гIибадаталъулъ, гьаб кинабго жоялъул бетIергьан вукIиналъулъ, жиндир цIаразулъ ва сифатазулъ. |
| **Тагьлиль** | лаилагьа илла ллагь абун аби. |
| **Такбир** | Аллагьу Акбар абун аби. |
| **Такъва** | Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун квешаб жо тун лъикIаб жо гьабун хьвади. |
| **ТаравихI** | рамазан моцIалъ богол какдаса хадур ралел суннатал какал. |
| **ТасбихI** | субхIаналлагь аби. ТIадегIанав Аллагь кинабгIаги мукъсанлъиялдаса вацIад гьави. |
| **Тафсир** | Къуръаналъул магIна баян гьаби. |
| **ТахIият** | салам кьей, кIодо гьави. |
| **ТахIмид** | алхIамдулиллагь абун аби. |
| **Ташвиш** | рахIат хвезаби. |
| **Таяммум** | лъим гьечIеб бакIалда, яги лъим бугониги гьелъ чуризе рес гьечIеб мехалъ бацIадаб ракьалда тIад кверал кьаби ва гьел гьумералда ва кIиябго кверaлда лъулъай. |
| **Ужра** | мунфагIат пайда босиялда яги цо иш гьабиялда данде кьолеб мухь. |
| **Факъигь** | жинда шаргIияб гIелму лъалев ва жинда шаргIияб хIукму гьабизе кIолев чи. |
| **Фараиз** | ирс бикьулеб къагIида бицунеб гIелму. |
| **Фарз** | жиб гьабизе тIад гьабураб гIибадат. Гьеб гIибадат гьабичIев чи кIудияб мунагь гьабурав ва тамихIалъе мустахIикъав вукIуна. |
| **Фарзул-гIайн** | щивав чиясда тIадаб жо. |
| **Фарзул-кифая** | бусурбабазул цониги чияс гьабуни цогидаздаса жиб гьаби тIаса кколеб жо. ЦохIо чияс гьеб иш гьабичIони гьеб иш тIад къарал гIадамал мунагьалда кола. |

| | |
|---|---|
| **Фасикъ** | жинца кIудиял мунагьал гьарулев чи. |
| **Фатва** | шаргIияб хIукму гьаби. Фатва кьола жинда лъикIго гIелму лъалев гIалимчияс. |
| **Фикъгьу** | жо лъай, бичIчIи. Исламияб диналда жаниб фикъгьу абула шаргIияб гIилмуялда. |
| **Фитна** | гIадамазул гIадло-мизан хвезаби, диналда хурхараб букIа, дунял-нафсалда хурхараб букIа. (смута; искушение; соблазн; заблуждение; испытание). |
| **ХIадас** | какие чури биххи, яги черх чуризе тIалъи. |
| **ХIадд** | Къуръана хIадисалда жиндие далил бугеб тамихI гьаби. |
| **ХIадис** | Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вихьарав чияс бицараб хабар гьев аварагас абураб рагIиялдалъун, яги гьес гьабураб иш бицун, яги асхIабас гьабураб иш бицун, гьелда тIад авараг кIалъачIеб (гьес бегьизабураб). |
| **ХIадис аль-къудси** | Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хабар, тIадегIанав Аллагьасда гIунтIизабун. Масала: дида дир бетIергьанас абунаян абун. |
| **ХIайаъ** | нич. (Застенчивость; скромность). |
| **ХIаким** | жиндир гIадло-мизан битIарав чи. Рекъараб жо рекъараб бакIалда лъезе лъалев чи. |
| **ХIафиз** | жинда Къуръан рекIехъе лъалев чи. |
| **ХIикмат** | цIодорлъи, (мудрость). |
| **Халват** | гIадам чи гьечIеб бакI. ГIадамаздасан ватIа чIей. |
| **Халифа** | цо ханас яги хIакимас жиндир бакIалда тарав чи. Халифа абула исламияб пачалихъалъул бетIерасда, «аварагасул бакIалда вугев чи» - абураб магIнаялда. |

| | |
|---|---|
| **Хамро** | чагъир, вино. Кинабго жинца мехтизарулеб жоялдаги абула хамро абун. |
| **Хандакъ** | ракьулъ бухъараб рахъ. (канал, окоп). |
| **Хилафат** | исламияб пачалихъалъул ракьалда абулеб цIар. |
| **ХулгI** | чIужуялъ росасе щиб букIаниги магIишатияб жоги кьун росасдасан ятIалъи. Гьедин ятIалъараб мехалъ гьей чIужу тIад юсинайизе |
| | ихтияр букIунаро, цIидаса магъриги лъун ячине бегьула. |
| **Хумус** | рагъда рукIун щвараб бечелъиялдаса бахъулеб щуйил бутIа. гьеб кьола бусурбабазул имамасухъе ва гьес жиндие маслихIат бихьараб хIалалъ харж гьабула. |
| **ШаригIат** | исламияб диналъул къанун, закон, Къуръан-хIадмсалдаса далил босун жиб хIалтIизабулеб. |
| **Ширк** | Аллагьасул хIакъ Аллагь гурев цоги жоялде сверизаби. |
| **ЩайтIан** | жиб мутIигIлъиялдаса бахъараб жо. ШайтIан абула гIадамазулги женазулги Аллагьасе мутIигIлъуларев чиясда. |
| **Щукру** | баркала кьей, рецц гьаби. |

# Хадуб рагIи

Хирияб Къураналъул тафсиралъул таржама хъван тIубаялда ТIадегIанав Аллагьасе рецги гьабун гьитIинабго хадуб рагIи абизе бокьун буго.

Гьаб хIалтIи гьабизе бай бихьана 2000 абилеб соналъ. ТIоцебе гьеб зарбоялда бахъана 2002 абилеб соналъ МахIачхъалаялда. Гьелда тIадги хIалтIи гьабун, хъваялълулъ ккарал гъалатIалги ритIизарун, 2004 абилеб соналъ Сириялдаги зарбоялда бахъана.

Хадуб дица тIалаб гьабуна Мадинаялда бугеб, дунялалдаго машгьураб, Фагьд ханас гIуцIараб Къуранал зарбоялда рахъунеб мужамагIалъул жавабияв хIакимасулгун лъай-хъвай бугев чи ва гьенибе битIана тафсир тIаде хъвараб диск ва гьезда гьарана гьаб тафсир зарбоялда бахъеян абун. МужамагIалъ дир гьари къабул гьабуна ва 2005 абилеб соналъ хIалтIи гьабизе бай бихьана.

Мадинаялда цIалулел магIарулазул лебалал ва божи бугел гIолохъабиги хIалтIизарун тафсир кинабго рахъалъан къачIана ва мухIкан гьабуна, гIалимзабазулгун гIакълуги данд бан, диргун мушавараги гьабун. Гьеб иш гьабулаго ана анкьго сон ва Аллагьасул кумекалдалъун тафсир тIубанго къачIан зарбоялде бахъине хIадурана.

**КъачIаялъ ва мухIканлъи гьабиялъ щвей гьабуна:**

- Аслияб къагIидаялъ гьаб таржама букIизе ккей агьлу-суна вал жамагIаталъул гIалимзабаз гьабураб тафсиралъе гьабураб.
- ГIакъидаялда хурхарал масъалаби рукIине, салафу салихIиназ баян гьарураб къагIидаялъ.
- хIадисазда хурхараб масъалаялъулъ кIвахI бахъана кьучIал ва загIипал хIадисал ралагьизе ва гьел щал имамзабаз рицарал гьезда хадубго хъвазе, загIипал хIадисал рацIине, цо-цо хIадис хутIизегIан, гьелги тIехьалда тана -загIипал рукIин баянги гьабун- гIадамазда гьоркьо машгьурлъун рукIиналъ ва гьезда гьел хIадисазул хIакъикъат лъазе гIоло. Амма къисаби биценал кIвар кьечIого тана нилъер имамзабаз жидерго тIахьазда жанир рехсон рукIиналъ ва шаргIиял хIукмаби гьезда хурхун гьечIолъиялъ.

- ГӀараб рагӀи гӀурус хӀарпаздалъун жиб хъвараб, гӀарабияз пасихӀаб мацӀалда абулаго нилъеда рагӀулеб къагӀидаялъ хъвана. ХӀарп такрар гьабун хъвана, къараб букӀин лъазе. ЦӀараб хӀарп бугони гьелда тӀад ишара лъуна (ударение). ГӀараб (ـُـ) хӀарпалда данде гьадинаб хӀарп лъуна (ĉ). Гьаб гьадин гьабуна гӀараб рагӀиялъул магӀна цӀунизе ва гӀараб рагӀи битӀун абизе ва гьелда мацӀ ругьунлъизе гӀоло.
- ГӀурус хӀарпаздалъун хъварал Къуръаналъул аятал ва рагӀаби гӀараб хӀарпаздалъун хъвана Къуръаналда ругеб къагӀидаялъ. Гьабги гьабуна гӀалимзабаз хӀарам гьабун букӀиналъ Къуръаналъул аятал гӀараб гурел цоги хӀарпаздалъун хъвазе.

Аллагьас лъикӀаб жазаъ гьабеги гьаб тафсир къачӀазе ва зарбоялда бахъизе квербакъи гьабуралщиназе.

Гьаб таржама хъваялда сверухъ цо чанго суал буго цӀаларал гӀадамазги, цӀаличӀел гӀадамазги жиб кьолеб ва Къуръаналъул тапсирги таржамаги гьабизего бегьуларо абун бусурбабазул ракӀалда ккезе гьабулеб. Гьел суалазе къокъабго жаваб кьечӀого гӀолеб хӀал гьечӀо: «Жиндир гӀакъло бугев чиясда къокъаб каламги бичӀчӀула, гӀакъло дагьасе Инжил-Таврат цадахъго цӀаланиги щибго мунпагӀат гьабуларо.

**Суал:** Къуръаналъе таржама гьабизего бегьулищ? Гьеб гьабизе гӀурав гӀелму бугев чи щив вукӀунев.

**Жаваб:** Бегьула Хирияб Къуръаналъе таржама гьабизе, ва гьеб таржама гьабизе тӀадабги буго жиндаса гьеб гьабун бажарулев чиясда. Таржама гьаби бегьиялъе ва гьеб тӀадаб букӀиналъе далил буго хирияб Къуръан кинабго халкъалда ва жиназда исламияб дин лъазабизе рештӀине гьабураб Аллагьасул калам букӀин. Гьаб кинабго гӀаламалда гӀараб мацӀ лъазабизе тӀадаб буго абун хъвараб бакӀ гьечӀо, амма кинабго халкъ хирияб Къуръаналда нахъ рилълъине тӀадаб буго. Гьедин бугелъул гьаб Къуръан жинда гӀараб мацӀ лъалев чияс гьеб гӀараб мацӀ лъаларесда бицине ккола ва бичӀчӀине гьабизе ккола. Гьелда абула «Таблигъ»-абун. Къуръан цояс цогидасде щвезаби.

Гьаб «Таблигъ» тӀадаб бугелъул, гьелъие киналго нухал хӀалтӀизаризе бегьула: кӀалалъ бицун, кагътида хъван, касета-дискалда хъван.

Ва амма Къуръаналъе таржама гьаби бегьуларо гьелъул щибаб рагIиялъе хасаб магIнаги гьабун. Гьедин гьабизе бегьунгутIиялъе гIилла буго гIараб мацIалда цохIо рагIиялъул чанго батIияб магIна букIин. Къуръаналъе таржама гьабулев чиясда лъазе ккола Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIаго вугеб мехалъго гьеб Къуръаналъул рагIабазул ва аятазул магIна хириял асхIабзабаца аварагасда гьикъулеб букIараблъи. Гьелдаса хадуб жакъа къоялда щвезегIан исламалъул кIудиял гIалимзабаца Къуръаналъе гьабураб тапсиралъул гIемер батIи-батIиял тIахьал руго. Гьел тIахьаздаса мунпагIатги босун, гьез бицараб тапсиралда мугъчIвайги гьабун гьабизе ккола Къуръаналъул таржама.

**Суал:** Хирияб Къуръан Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе мугIжизатлъун бугелъул, гьеб цоги мацIалда буссине гьабураб мехалъ гьелъул мугIжизатлъун букIин хола гурищ?

**Жаваб:** Хирияб Къуръан бищунго кIудияб мугIжизат буго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе рукIарал гIемерал мугIжизатаздаса. Гьеб мугIжизатлъун букIин буго жиндир назмоялъул рахъалъги, жинца хирияв аварагасда церехун рукIарал ва хадур рукIинесел цо-цо гъаибал умурал рицунеб букIиналъул рахъалъанги. Нилъеца гьаб хирияб Къуръан цоги мацIалда буссине гьабураб мехалъ нилъеда цIунизе кIолареб жо буго гьеб Къуръаналъул назмоялъул берцинлъи, магIна гъварилъи ва пасихIлъи. Нилъеда гьеб цIунизе кIвечIо абун Къуръаналъе щибго мукъсанлъи бачIунаро, нилъее мунагь-хIакъги букIунаро.

Нилъеца гьабураб тафсир мугIжизатлъун букIунаро. Гьедин бугелъул гIараб мацIалда бугеб, жиндир цохIониги хIарп ва рагIи хисизе гьабичIого жакъа къоялда щвезегIан нахъе цIунун бугеб Къуръан буго жиб мугIжизатлъун букIараб ва хадуб букIинеги бугеб. Гьеб Къуръаналъе гьабураб тапсир ва гьелъул таржама мугIжизатлъун букIунаро ва букIинеги кколаро.

**Суал:** Ццересел кIудиял гIалимзабаца гьабичIо гурищ Къуръан магIарул мацIалда бусине. Гьеб буссине гьабизе бегьулеб батани дол гIалимзабаца шайха гьабичIеб?

**Жаваб:** Ццересел гIалимзабаца гьеб Къуръан магIарул мацIалда бусине гьабичIо абун гьеб Къуръаналъе таржама

гьабизе бегьуларо абураб хIукму гьабуларо. Дол гIалимзаби гьеб таржама гьабизе лъаларел рукIинчIо. Дозул заманалда ва хIалалда балагьараб мехалъ гьел гIалимзабазул квер щун букIинчIо Къуръан таржама гьабун, гьеб зарбоялда бахъун халкъалда гьоркьоб тIибитIизе гьабиялда. Дагъистаналда матIбагI рагьун гIемер заманаго инчIого Аллагьасул тушбаби болшевиказ гьеб матIбагI къана ва исламияб диналдаги бусурбабаздаги тIад гьобо хенезе гьабуна.

Гьоркьохъеб Азиялъул, Татаразул, башкиразул гIалимзабаца ва цогидалги бусурбабазул гIалимзабаца жидер квер щварабгIан гIатIидго Къуръанги, хIадисги, пикъгьуги ва цогидаб гIелмуги жидер мацIалда буссине гьабун букIана.

Турциялда щведалго дир беразда бихьана хирияб Къуръаналъул анцIгоги, къогоги мужалад (том) бугеб тапсир Турк мацIалда буссине гьабун зарбоялдаги бахъун гьезул мактабазда (библиотека) лъун. Гьединго Турк мацIалда буссине гьабун буго хирияв аварагасул хIадисги, гьесул сиярги, пикъгьуги ва цогидаб шаргIияб гIелмуги.

**Суал:** Къуръан таржама гьабураб мехалъ гьеб диналъул щибго кIвар гьечIел гIадамазги цIалулеб буго ва гьеб Къуръаналъул къимат-къадро холеб буго.

**Жаваб:** Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Къуръан рештIине гьабулеб мехалъ гьесда сверухъ бугеб халкъ мушрикал рукIана ва гьел Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялда жинца ахIулевлъун аварагги вукIана. Хирияв аварагасдаги, гьес цIалулеб Къуръаналдаги гьел мушрикаца чанго бугьтан лъуна, гьел махсародеги гьаруна. Мушрикаца ва цогидал инкарчагIаца щиб рагIи абуниги хирияб Къуръаналъул къимат-къадро хвечIо.

Хирияв аварагас гьеб Къуръаналдалъун исламияб диналда ахIун жидеца гьеб дин босарал багьадурзабаца Аллагьасул тушбаби гIодорегIан гьаруна ва Аллагьасул дин тIадегIан гьабуна. Хирияб Къуръан буго жинца гIадамал исламияб диналда тIоритIулеб, ва гьел купруялъул, жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралда рачунеб ТIадегIанав Аллагьасул калам. «Гьаб жо Къуръан буго»-анги абун багIараб хамил кисинибги лъун рукъалъул бокIоналда Къуръан магIида дализе гьабиялъ щивго чи исламияб диналда тIовитIуларо. Гьеб Къуръанги цIалун, гьелда жаниб

бугеб жоги бичIчIун, гьелъул пикру ва тадбирги гьабун рачIуна гIадамал Аллагь лъаялда, гьев цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда.

Жинда жаниб хъвараб жоялъул магIна лъаларев чиясги ТIадегIанав Аллагьасул калам букIиналда божун хирияб Къуръан кIодо гьаби гьев чиясе ажро-кири бугеб гIамал буго. Жинда магIна бичIчIуларев чиясги Къуръан цIализе лъазеги гьабун гьеб Къуръан берцинго гIараб мацIалъул хIарпал рахъулеб хIалги цIунун цIалиги ажро-кири бугеб гIамал буго. Ва амма жиндир магIнаги бичIчIун, гьелъул пикру тадбирги гьабун Къуръан цIали, цинги жинца цIалараб жоялда гIамал гьабиги гьеб буго хрияб Къуръан рештIине гьабиялдаса бугеб мурад ва гьаб буго жинда ТIадегIанав Аллагь разилъулеб гIамал.

ГIараб мацI лъаларел гIадамазда жидерго мацIалъ гьаб хирияб Къуръаналъул магIна бичIчIизе гьабулев ва гьезухъе Къуръан щвезе гьабулев чи вуго жинца ТIадегIанав Аллагьасул амру тIубарав чи. Хирияб Къуръаналда жаниб ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисазда жаниб гIемер буго нужеца гIадамал лъикIаб гIамал гьабиялда ахIе ва гьел квешаб гIамалалдаса нахъе чIвае абун нилъеда амру гьабулел аятал ва хIадисал.

ТIадегIанав Аллагьас нилъее тавпикъ гьабеги хIакъаб жо лъазе ва гьелда гIамал гьабизе. Аллагьас битIараб бичIчIи ва гIакъло кьеги жидеца гIадамазе ццерехъанлъи гьабулел цIаларал гIадамазе. Гьал гIадамал ритIун хьвадичIеб заман буго исламияб дин загIиплъараб, гьеб дин пасалъараб замана. Гьал гIадамал Аллагьасдаса хIинкъичIеб замана буго ахир замана цIакъго гIагарлъун букIиналъул гIаламат. Гьал гIадамаз жидер дин дунял тIалаб гьабилъун ккураб заман буго ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерида рази гьечIеб заман.

Я гьал бусурбаби! Щивав инсан ТIадегIанав Аллагьас гIакъло-лъайги кьун, мацI бицулевлъунги гьавун вижун вугелъул, щивав инсанасда тIадаб буго жинца хIакъаб, битIараб нух тIалаб гьабизе ва гьеб нухда хьвадизе. Дица бицарабги, цогидаз бицарабги жоялъул пикру гьабизе гьеб шаргIалъул цIадироялда лъун борцине ва ТIадегIанав Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьесул мурад цIунун, гьесул расуласул нухдаса хьвадун, абадияб рукъалъун жиб бугеб

ахираталда ТIадегIанав Аллагьас жив алжаналда лъугьине гьавулеб лъикIаб гIамал гьабизе.

Вореги нужеда ракIалда ккоге нуж гурезул гIамалалъ нуж хвасар гьарила абун. Нужер БетIергьан Аллагь бищунго нужеда гIагарда вуго, бищунго нужеда гурхIулевги вуго. Нужеца кинабго гIамал гьев Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабе ва нужер хIажатги гьеседа гьаре нужер божиги, хьул лъейги, хIинкъиги цохIо Аллагьасде буссине гьабе!.

ТIадегIанав Аллагьас тавпикъ гьабеги жив разияб гIамал гьабизе.

Кинабго рецц ва щукру жив цогояв БетIергьан Аллагьасе буго. Жив кIодо гьавиялда хурхараб Аллагьасул цIоб рахIмат хирияв МухIаммад аварагасде лъеги.

Жив гурхIулев, жинца мунагьал рахчулев Аллагьасда тавбо гьабун руссун, гьаб нилъер гIамалалда жаниб ккараб гъалатIлъи, мунагь-хатIаалдаса тIаса лъугьин гьарулеб буго.

ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жив гурхIулев ва жинца тавбо къабул гьабулев вуго.

**ТIадегIанав Аллагьасе рещцгун ва гьесул квербакъиялдалъун кIиабилеб жилд тIубана**

**Сурату ТIагьаялъул авалалдасан байбихьун сурату Ннасалъул ахиралда щвезегIан**

فهرس بأسماء السور وبيان المكي والمدني منها

# Суратазул цIарал, гьезул Маккаялда ва Мадинаялда рештIинарурал баян гьарулеб фигьриса


| | **Сураталъул цIар** | **Гьумер** | **РещтIана** | **السورة** |
|---|---|---|---|---|
| 20 | Сурату ТIа-гьа | 1081 | Маккаялда | سورة طه |
| 21 | Суратул Анбияъ | 1128 | Маккаялда | سورة الأنبياء |
| 22 | Суратул ХIаж | 1164 | Мадинаялда | سورة الحج |
| 23 | Суратул Муъминун | 1198 | Маккаялда | سورة المؤمنون |
| 24 | Сурату-Ннур | 1230 | Мадинаялда | سورة النور |
| 25 | Суратул Фуркъан | 1280 | Маккаялда | سورة الفرقان |
| 26 | Сурату ЩугIараъ | 1303 | Маккаялда | سورة الشعراء |
| 27 | Сурату Ннамль | 1335 | Маккаялда | سورة النمل |
| 28 | Суратул Къасас | 1365 | Маккаялда | سورة القصص |
| 29 | Суратул ГIанкабут | 1394 | Маккаялда | سورة العنكبوت |
| 30 | Сурату Ррум | 1419 | Маккаялда | سورة الروم |
| 31 | Сурату Лукъман | 1436 | Маккаялда | سورة لقمان |
| 32 | Сурату Ссаждат | 1453 | Маккаялда | سورة السجدة |
| 33 | Суратул АхIзаб | 1464 | Мадинаялда | سورة الأحزاب |
| 34 | Сурату Сабаъ | 1496 | Маккаялда | سورة سبإ |
| 35 | Сурату ФáтIир | 1516 | Маккаялда | سورة فاطر |
| 36 | Сурату Ясин | 1533 | Маккаялда | سورة يس |
| 37 | Сурату Ссáфáт | 1556 | Маккаялда | سورة الصافات |
| 38 | Сурату Ссад | 1580 | Маккаялда | سورة ص |
| 39 | Сурату Ззумар | 1602 | Маккаялда | سورة الزمر |
| 40 | Сурату Гъáфир | 1628 | Маккаялда | سورة غافر |
| 41 | Сурату Фуссилат | 1653 | Маккаялда | سورة فصّلت |
| 42 | Сурату Щỳра | 1672 | Маккаялда | سورة الشورى |
| 43 | Сурату Ззухруф | 1695 | Маккаялда | سورة الزخرف |
| 44 | Сурату Ддухан | 1748 | Маккаялда | سورة الدخان |
| 45 | Суратул Жáсият | 1728 | Маккаялда | سورة الجاثية |
| 46 | Суратул АхIкъаф | 1739 | Маккаялда | سورة الأحقاف |
| 47 | Сурату МухIаммад | 1753 | Мадинаялда | سورة محمد |
| 48 | Суратул ФатхI | 1777 | Мадинаялда | سورة الفتح |
| 49 | Суратул ХIужурат | 1800 | Мадинаялда | سورة الحجرات |

| | Сураталъул цIар | Гъумер | РещтIана | السورة |
|---|---|---|---|---|
| 50 | Сурату Къа́ф | 1814 | Маккаялда | سورة ق |
| 51 | Сурату Зза́рия́т | 1825 | Маккаялда | سورة الذاريات |
| 52 | Сурату ТIтIур | 1837 | Маккаялда | سورة الطور |
| 53 | Сурату Ннажм | 1846 | Маккаялда | سورة النجم |
| 54 | Суратул Къамар | 1859 | Маккаялда | سورة القمر |
| 55 | Сурату РрахIман | 1871 | Мадинаялда | سورة الرحمن |
| 56 | Суратул ВакъигIат | 1882 | Маккаялда | سورة الواقعة |
| 57 | Суратул ХIадид | 1895 | Мадинаялда | سورة الحديد |
| 58 | Суратул Мужадалат | 1911 | Мадинаялда | سورة المجادلة |
| 59 | Суратул ХIашр | 1925 | Мадинаялда | سورة الحشر |
| 60 | Суратул МумтахIинат | 1938 | Мадинаялда | سورة الممتحنة |
| 61 | Сурату Ссаф | 1946 | Мадинаялда | سورة الصف |
| 62 | Суратул ЖумгIат | 1952 | Мадинаялда | سورة الجمعة |
| 63 | Суратул Мунафикъун | 1957 | Мадинаялда | سورة المنافقون |
| 64 | Сурату Ттагъа́бун | 1963 | Мадинаялда | سورة التغابن |
| 65 | Сурату ТIалакъ | 1970 | Мадинаялда | سورة الطلاق |
| 66 | Сурату ТтахIрим | 1977 | Мадинаялда | سورة التحريم |
| 67 | Суратул Мулк | 1983 | Маккаялда | سورة الملك |
| 68 | Суратул Къалам | 1990 | Маккаялда | سورة القلم |
| 69 | Суратул ХIа́къат | 2000 | Маккаялда | سورة الحاقة |
| 70 | Суратул МагIа́риж | 2006 | Маккаялда | سورة المعارج |
| 71 | Сурату НухI | 2014 | Маккаялда | سورة نوح |
| 72 | Суратул Жинн | 2020 | Маккаялда | سورة الجن |
| 73 | Суратул Муззаммил | 2027 | Маккаялда | سورة المزمل |
| 74 | Суратул Муддаĉĉир | 2033 | Маккаялда | سورة المدثر |
| 75 | Суратул Къиямат | 2043 | Маккаялда | سورة القيامة |
| 76 | Суратул Инсан | 2049 | Мадинаялда | سورة الإنسان |
| 77 | Суратул Мурсала́т | 2056 | Маккаялда | سورة المرسلات |
| 78 | Сурату Ннабаъ | 2062 | Маккаялда | سورة النبإ |
| 79 | Сурату НназигIат | 2067 | Маккаялда | سورة النازعات |
| 80 | Сурату ГIабаса | 2073 | Маккаялда | سورة عبس |
| 81 | Сурату Ттаквир | 2078 | Маккаялда | سورة التكوير |
| 82 | Суратул ИнфитIар | 2083 | Маккаялда | سورة الانفطار |

| | Сураталъул цIар | Гъумер | РещтIана | السورة |
|---|---|---|---|---|
| 83 | Суратул МутIафифин | 2086 | Маккаялда | سورة المطففين |
| 84 | Суратул Иншикъакъ | 2090 | Маккаялда | سورة الانشقاق |
| 85 | Суратул Буруж | 2093 | Маккаялда | سورة البروج |
| 86 | Сурату ТIáрикъ | 2099 | Маккаялда | سورة الطارق |
| 87 | Суратул АгIла | 2101 | Маккаялда | سورة الأعلى |
| 88 | Суратул Гъашият | 2104 | Маккаялда | سورة الغاشية |
| 89 | Суратул Фажр | 2108 | Маккаялда | سورة الفجر |
| 90 | Суратул Балад | 2112 | Маккаялда | سورة البلد |
| 91 | Сурату Щамс | 2116 | Маккаялда | سورة الشمس |
| 92 | Сурату Ллайл | 2119 | Маккаялда | سورة الليل |
| 93 | Сурату ЗзухIа | 2122 | Маккаялда | سورة الضحى |
| 94 | Сурату ЩархI | 2126 | Маккаялда | سورة الشرح |
| 95 | Сурату Ттин | 2129 | Маккаялда | سورة التين |
| 96 | Суратул ГIалакъ | 2132 | Маккаялда | سورة العلق |
| 97 | Суратул Къадри | 2138 | Маккаялда | سورة القدر |
| 98 | Суратул Баййинат | 2140 | Мадинаялда | سورة البينة |
| 99 | Сурату Ззалзалат | 2142 | Мадинаялда | سورة الزلزلة |
| 100 | Суратул ГIáдия́т | 2143 | Маккаялда | سورة العاديات |
| 101 | Суратул КъаригIат | 2145 | Маккаялда | سورة القارعة |
| 102 | Сурату Ттака́ŝур | 2147 | Маккаялда | سورة التكاثر |
| 103 | Суратул ГIаср | 2149 | Маккаялда | سورة العصر |
| 104 | Суратул Гъумазат | 2151 | Маккаялда | سورة الهمزة |
| 105 | Суратул Фил | 2152 | Маккаялда | سورة الفيل |
| 106 | Сурату Къурайш | 2154 | Маккаялда | سورة قريش |
| 107 | Суратул Ма́гIу́н | 2155 | Маккаялда | سورة الماعون |
| 108 | Суратул Кавŝар | 2156 | Маккаялда | سورة الكوثر |
| 109 | Суратул Кафирун | 2158 | Маккаялда | سورة الكافرون |
| 110 | Сурату Насср | 2159 | Мадинаялда | سورة النصر |
| 111 | Суратул Масад | 2161 | Маккаялда | سورة المسد |
| 112 | Суратул Ихласс | 2163 | Маккаялда | سورة الإخلاص |
| 113 | Суратул Фалакъ | 2165 | Маккаялда | سورة الفلق |
| 114 | Сурату Ннас | 2167 | Маккаялда | سورة الناس |

إنّ وزارة الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد
في المملكة العربية السعودية
المشرفة على مجمع الملك فهد
لطباعة المصحف الشريف في المدينة المنورة
إذ يسرّها أن يصدر المجمع هذه الطبعة من القرآن الكريم
وترجمة معانيه وتفسيره إلى اللغة الأوارية
تسأل الله أن ينفع بها الناس
وأن يجزي
خادم الحرمين الشريفين الملك عبدالله بن عبدالعزيز آل سعود
أحسن الجزاء على جهوده العظيمة في نشر كتاب الله الكريم
والله وليّ التوفيق

---

СагIудиял гIарабиязул пачалихъалъул Исламиял ишазул, вакъфуялъул, диналде ахIиялъул ва нух малъиялъул, Фагьд ханасул Мадина шагьаралда бугеб Къуръанал зарбуялде рахъунеб мужаммагIалда тIад бугеб визаратлъ, рохел загьир гьабулеб буго.

Гьеб мужаммагIалъул рес лъугьиялда гьаб хирияб Къуръан ва магIарул мацIалда бугеб гьелъул таржама ва тафсир зарбоялда бахъизе.

Ва Аллагьасда гьарулеб буго гьеб Къуръаналдалъун гIадамазе мунфагIат гьабе абун ва кIиябго хIарамалъул хъулухъчи, ГIабдулгIазизил вас ГIабдуллагь ал-СугIуд ханасе лъикIаб жазаъ гьабе абунги, хирияб Аллагьасул тIехь гIадамазухъе щвеялъе гьес гьабулеб кIудияб ишалъе гIоло.

Аллагь жинца тавфикъ гьабулев вуго.

بعون الله وتوفيقه
تم طبع هذا المصحف الشريف
وترجمة معانيه في مجمع الملك فهد
لطباعة المصحف الشريف بالمدينة المنورة
بإشراف وزارة الشؤون الإسلامية
والأوقاف والدعوة والإرشاد في
المملكة العربية السعودية
عام ١٤٣٤هـ

حقوق الطبع محفوظة
لمجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف

ص.ب ٦٢٦٢ - المدينة المنورة
www.qurancomplex.gov.sa
contact@qurancomplex.gov.sa

Аллагьасул
квер бакъиялдалъун
гьаб хирияб Къуръан ва гьелъул
таржама ва тафсир зарбоялде
бахъана Мадинаялда бугеб Къуръанал
зарбоялде рахъунеб Фагьд ханасул
мужаммагIалда. СагIудиял гIарабиязул
пачалихъалъул Исламиял ишазул,
вакъфуялъул, диналде ахIиялъул ва
нух малъиялъул визараталъ бер
балагьи гьабун гьижрияб
1434 соналъ

**Зарбоялде бахъиналъул хIакъ цIунун буго**
**Къуръанал зарбоялде рахъунеб Фагьд**
**ханасул мужаммагIалъе**

---

**Почалъул ящик 6262**
**нур бараб Мадина**
www.qurancomplex.gov.sa
contact@qurancomplex.gov.sa

ⓒ **مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف، ١٤٣٤ هـ**
فهرسة مكتبة الملك فهد الوطنية أثناء النشر.

مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف
**ترجمة معاني القرآن الكريم وتفسيره إلى اللغة الأوارية. / مجمع**
الملك فهد لطباعة المصحف الشريف. - المدينة المنورة، ١٤٣٤ هـ
٢مج
١١٢٨ ص ؛ ١٤ × ٢١ سم
**ردمك: ٧-١٥-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨**
**٥-١٩-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨ (ج٢)**
١- القرآن ترجمة أ. العنوان
ديوي ٤، ٢٢١ ١٤٣٣/٤٦٢٠

**رقم الإيداع: ١٤٣٣/٤٦٢٠**
**ردمك: ٧-١٥-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨**
**٥-١٩-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨ (ج٢)**

**ТIадегIанав Аллагьасе рецгун ва гьесул квербакъиялдалъун тIоцебесеб жилд тIубана**

**Суратул фатихIатататалъул авалалдасан байбихьун сурату Марьямалъул ахиралда щвезегIан**

فهرس بأسماء السور وبيان المكي والمدني منها

# Суратазул цIарал, гьезул Маккаялда ва Мадинаялда рештIинарурал баян гьарулеб фигьриса



| | Сураталъул цIар | Гьумер | РещтIана | السورة |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Суратул ФатихIат | 1 | Маккаялда | سورة الفاتحة |
| 2 | Суратул Бакъарат | 9 | Мадинаялда | سورة البقرة |
| 3 | Сурату А́ли ГIимран | 166 | Мадинаялда | سورة آل عمران |
| 4 | Сурату Ннисаъ | 247 | Мадинаялда | سورة النساء |
| 5 | Суратул Маидат | 344 | Мадинаялда | سورة المائدة |
| 6 | Суратул АнгIам | 412 | Маккаялда | سورة الأنعام |
| 7 | Суратул АгIраф | 484 | Маккаялда | سورة الأعراف |
| 8 | Суратул Анфал | 565 | Мадинаялда | سورة الأنفال |
| 9 | Сурату Тавбат | 606 | Мадинаялда | سورة التوبة |
| 10 | Сурату Юнус | 674 | Маккаялда | سورة يونس |
| 11 | Сурату Гъуд | 712 | Маккаялда | سورة هود |
| 12 | Сурату Юсуф | 756 | Маккаялда | سورة يوسف |
| 13 | Сурату РрагIд | 812 | Мадинаялда | سورة الرعد |
| 14 | Сурату Ибрагьим | 838 | Маккаялда | سورة إبراهيم |
| 15 | Суратул ХIижр | 857 | Маккаялда | سورة الحجر |
| 16 | Сурату НнахIль | 878 | Маккаялда | سورة النحل |
| 17 | Суратул Исраъ | 927 | Маккаялда | سورة الإسراء |
| 18 | Суратул Кагьф | 991 | Маккаялда | سورة الكهف |
| 19 | Сурату Марьям | 1042 | Маккаялда | سورة مريم |

إن وزارة الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد

في المملكة العربية السعودية

المشرفة على مجمع الملك فهد

لطباعة المصحف الشريف في المدينة المنورة

إذ يسرها أن يصدر المجمع هذه الطبعة من القرآن الكريم

وترجمة معانيه وتفسيره إلى اللغة الأوارية

تسأل الله أن ينفع بها الناس

وأن يجزي

خادم الحرمين الشريفين الملك عبدالله بن عبدالعزيز آل سعود

أحسن الجزاء على جهوده العظيمة في نشر كتاب الله الكريم

والله ولي التوفيق

---

СагIудиял гIарабиязул пачалихъалъул Исламиял ишазул, вакъфуялъул, диналде ахIиялъул ва нух малъиялъул, Фагьд ханасул Мадина шагьаралда бугеб Къуръанал зарбуялде рахъунеб мужаммагIалда тIад бугеб визараталъ, рохел загьир гьабулеб буго.

Гьеб мужаммагIалъул рес лъугьиялда гьаб хирияб Къуръан ва магIарул мацIалда бугеб гьелъул таржама ва тафсир зарбоялда бахъизе.

Ва Аллагьасда гьарулеб буго гьеб Къуръаналдалъун гIадамазе мунфагIат гьабе абун ва кIиябго хIарамалъул хъулухъчи, ГIабдулгIазизил вас ГIабдуллагь ал-СугIуд ханасе лъикIаб жазаъ гьабе абунги, хирияб Аллагьасул тIехь гIадамазухъе щвеялъе гьес гьабулеб кIудияб ишалъе гIоло.

Аллагь жинца тавфикъ гьабулев вуго.

بعون الله وتوفيقه
تم طبع هذا المصحف الشريف
وترجمة معانيه في مجمع الملك فهد
لطباعة المصحف الشريف بالمدينة المنورة
بإشراف وزارة الشؤون الإسلامية
والأوقاف والدعوة والإرشاد في
المملكة العربية السعودية
عام ١٤٣٤هـ

حقوق الطبع محفوظة
لمجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف

ص.ب ٦٢٦٢ - المدينة المنورة
www.qurancomplex.gov.sa
contact@qurancomplex.gov.sa

Аллагьасул
квер бакъиялдалъун
гьаб хирияб Къуръан ва гьелъул
таржама ва тафсир зарбоялде
бахъана Мадинаялда бугеб Къуръанал
зарбоялде рахъунеб Фагьд ханасул
мужаммагIалда. СагIудиял гIарабиязул
пачалихъалъул Исламиял ишазул,
вакъфуялъул, диналде ахIиялъул ва
нух малъиялъул визаратальъ бер
балагьи гьабун гьижрияб
1434 соналъ

**Зарбоялде бахъиналъул хIакъ цIунун буго Къуръанал зарбоялде рахъунеб Фагьд ханасул мужаммагIалъе**

---

**Почалъул ящик-6262-**
**нур бараб Мадина**
www.qurancomplex.gov.sa
contact@qurancomplex.gov.sa

ⓗ **مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف ، ١٤٣٤ هـ**
فهرسة مكتبة الملك فهد الوطنية أثناء النشر .

مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف

**ترجمة معاني القرآن الكريم وتفسيره إلى اللغة الأوارية. / مجمع**
الملك فهد لطباعة المصحف الشريف . - المدينة المنورة ، ١٤٣٤ هـ

٢مج

١١١٢ ص ؛ ١٤ × ٢١ سم

**ردمك: ٧-١٥-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨**

**٨-١٨-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨ (ج١)**

١- القرآن ترجمة أ. العنوان

ديوي ٢٢١،٤ ١٤٣٣/٤٦٢٠

**رقم الإيداع: ١٤٣٣/٤٦٢٠**

**ردمك: ٧-١٥-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨**

**٨-١٨-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨ (ج١)**

9 786038 095188

ردمك: ٨-١٨-٨٠٩٥-٦٠٣-٩٧٨ (ج١)

(٤٠٠٠/د٥١) (٨) (٠١)

# القرآن الكريم

وترجمة معانيه وتفسيره
إلى اللغة الأوارية

وقف لله تعالى من خادم الحرمين الشريفين
الملك عبد الله بن عبد العزيز آل سعود
ولا يجوز بيعه